А́КТОВЫЙ, -ая, -ое: **~ зал** актовый зал (*гIелмиял яги цIалул учрежденияздa данделъаби гьарулеб зал*)

АКТРИ́СА *ж* актриса

АКТУА́ЛЬНОСТЬ *ж* гьабсагIат къваригIараблъун, кIвар бугеблъун, ирга щвараблъун букIин

АКТУА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое 1) хIакъикъаталда бугеб, яшавалде бахъинабизе кIолеб; 2) гьабсагIат къваригIараб, ирга щвараб,

тIубачIого гIолареб; **~ые пробле́мы** гIагараб заманалда тIуразе кколел суалал, масъалаби; кIвар бугел масъалаби

АКУ□ЛА *ж* акула

АКУ́ Л//ИЙ, -ья, -ье акулаялъул; **~ьи плавники́** акулаялъул милъирквачIал

АКУ́СТИКА *ж* акустика 1 (*физикаялъул*) *гьаркьил хIакъалъулъ бугеб гIелму*; 2 *щибниги бакIалда, рокъоб гьаркьил, музыкаялъул рагIулеб даража*, *гьел рагIизе ругел шартIал*)

АКУСТИ́ ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое акустикияб; **~ие аппара́ты** акустикиял аппаратал; **~ая изоля́ция** акустикияб изоляция, хъуялдаса, гьаркьидаса цIуни

АКУШЕ́РКА *ж* акушерка, чIарахъан (*цIалун яхъарай*)

АКУШЕ́РСК//ИЙ, -ая, -ое акушерасул, акушерлъиялъулаб, чIарахъанасул, чIарахъанлъиялъул; **~ие ку́рсы** акушеразул курсал

АКУШЕ́РСТВО *с* акушерлъи, чIарахъанлъи

АКЦЕ́НТ *м* акцент (1 *лингв. кIалъалаго, цо гьаракьалда яги рагIиялда тIаде кIвар кьун, гьеб цебе рехизаби;* ◊ **де́лать ~** *на чем-л.* **сунденги** хасаб кIвар кьезе; 2 *чияр мацIалда кIалъалесул рагIабазулъ кколеб батIалъи, сверел*)

АКЦЕНТИ́РОВАТЬ *сов. и несов. что и без доп.* 1) *лингв.* ударение лъезе 2) *перен.* кIвар кьезе, батIаго тIадчIей гьабизе (*цо кинаб бугониги пикруялда*), пикру буссинабизе

АКЦЕ́НТНЫЙ, -ая, -ое *лингв.* акцент бугеб, акценталъулаб; ударение бугеб

АКЦИОНЕ́Р *м* акционер, акциязул бетIергьан

АКЦИОНЕ́РН//ЫЙ, -ая, -ое акционерияб; **~ое о́бщество** акционерияб общество; акциязда тIад гIуцIараб

А́КЦИ//Я[1] *ж фин.* акция (*капиталистияб предприятиялъул капиталалда гьоркьоб гIахьаллъи ва гьелъул бутIа бихьизабулеб къиматаб кагъат*); **~и па́дают** акциязул къимат холеб (гIодобе кколеб) буго; **~и повыша́ются** акциязул къимат цIикIкIунеб (эхеде бахунеб) буго

А́КЦИЯ[2] *ж книжн.* акция (*кинаб бугониги мурад тIубазелъун гьабулеб иш*); **дипломати́ ческая ~** дипломатияб акция

АКЫ́ Н *м* акын (*казахазул, гьиргьизазул хъалкъияв поэт, кочIохъан*)

АЛА́НЫ *мн. ист.* аланал (*осетиязул (асатIиназул) некIсияб цIар*)

АЛБА́НЕЦ *м* албанияв

АЛБА́НКА *ж* албанияй

АЛБА́НСКИЙ, -ая, -ое Албаниялъул, албаниязул; **~ язы́к** албаниязул мацI, албан мацI

АЛБА́НЦЫ *мн.* албаниял

А́ЛГЕБРА *ж* алгебра

АЛГЕБРАЙ́ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое алгебраялъулаб; **~ое число́** алгебраялъулаб рикIкIен

АЛГОРИ́ ТМ *м* алгоритм (*масъала битIун гьабиялъул къагIидаби ва гьезул тартиб*)

АЛЕБА́СТР *м* алебастр (*бежун ва хIарун къачIараб хъахIаб гипс*)

АЛЕБА́СТРОВЫЙ, -ая, -ое алебастралъул

АЛЕ́//ТЬ *несов.* 1) (*становиться алым*) билбагIарлъизе, канчIбагIарлъизе 2) (*виднеться — об алом*) билбагIарлъун бихьизе, канчIбагIарлъун бихьизе; **вдали́ ~ют флаги́** рикIкIада билбагIарлъун рихьула байрахъал

АЛЖИ́ РЕЦ *м* алжирав, *уст.* жазаирав

АЛЖИ□РКА *ж* алжирай *уст.* жазаирай

АЛЖИ́РСКИЙ, -ая, -ое Алжиралъул; *уст.* жазаиралъулаб, жазаирияб; **~ наро́д** Алжиралъул халкъ

АЛЖИ́ РЦЫ *мн.* алжирал, *уст.* жазаирал

А́ЛИБИ *с нескл. юр.* алиби (*жинда гIайиб гIунтIизабулев чи, такъсирияб иш ккараб мехалъ, гьеб бакIалда вукIинчIого, цоги батIияб бакIалда вукIин гьесда гIайиб гьечIолъиялъе хIужжалъун бихьизаби*)

АЛИМЕ́НТЫ *мн.* алиментал; напакъа (*ятIалъарай чIужуялъул лъималазе инсуца, гьединго лъималаз херал эбел-инсуе кьолеб яги гьезухъа бахъулеб гIарац*); **плати́ ть ~** *кому-л.* алиментал кьезе; **получа́ть ~** *с кого-л.* алиментал щвезе

АЛКАЛО́ИД *м хим.* алкалоид

АЛКОГОЛИ́ ЗМ *м* алкоголизм (*гIорхъолъа ворчIун гьекъолди, гьекъолди тезе кIоларевлъун лъугьин*)

АЛКОГО́ЛИК *м* алкоголик (*гIорхъолъа ворчIун гьекъолдулев, гьекъолди тезе кIоларев, кидаго мехтун вукIунев чи*)

АЛКОГО́Ль *м* алкоголь (1 *спирт*; 2 *спирт гъорлъ бугеб мехтизарулеб гьекъолеб жо*)

АЛКОГО́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое алкоголияб; спирт гъорлъ бугеб; **~ые напи́ тки** алкоголиял гьекъолел жал

АЛЛА́Х *м* Аллагь; **одному́ ~у изве́стно** цохIо Аллагьасда лъала

АЛЛЕГОРИ́ЧЕСКИЙ, -ая. -ое аллегорияб; **~ жанр** аллегорияб жанр

АЛЛЕГОРИ́ ЧНЫЙ, -ая, -ое аллегория гъорлъ бугеб

АЛЛЕГО́РИЯ *ж* аллегория (1 *батIаййса сверизабун абураб рагIи*; 2 *бичIчIулареб, магIна гьечIеб калам*)

АЛЛЕРГИ́ ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое *мед.* аллергиялъулаб; **~ое сос-тоя́ ние** аллергиялъулаб хIал

АЛЛЕРГИ́ Я *ж мед.* аллергия (*чорхое чияралъун кколел жалазда данде черхалъул реакция*)

АЛЛЕ́Я *ж* аллея (*хьалбаздасан гъутIби чIараб чIедераб нух; парказда, áхакь гъутIбузда гьоркьосан бугеб нух*); **ли́ повая ~** гьадил гъутIбузда гьоркьосан бугеб нух

АЛЛИТЕРА́ЦИЯ *ж лит.* аллитерация (*кочIолъ цого рагьукъал гьаркьал хадур-цере цо чанго рагIулъ такрарлъи, мас.: дур кIалзул бахьинлъи, махьил чIегIерлъи бихьизе гьечIелъул пайда щиб бицун*)

АЛЛО́ *межд.* алло (*телефоналъ ахIулелъул ...*)

АЛЛЮ́ Р *м* аллюр (*чол бекериялъул яги рилълъадул форма: рису, юргъа, гьели, рилълъин*)

АЛМА́З *м* алмаз, алмас (*къиматаб гамач1)*

АЛМА́ЗНЫЙ, -ая, -ое алмазалъулаб; **~ блеск** алмазалъулаб кунчIи

АЛОГИ́ ЗМ *м* алогизм (*битIараб пикруялда рекъолареб, данде ккола реб жо*)

АЛО́Э *с нескл. бот.* алоэ, зазтIегь, зазитIегь

АЛТА́ЕЦ *м* алтаяв

АЛТА́ЙКА *ж* алтаяй

АЛТА́ЙСК//ИЙ, -ая, -ое алтаялъулаб; **~ие языки́** алтаялъулал мацIал

АЛТА́ЙЦЫ *мн.* алтаял

АЛТА́РЬ *м* 1) михIараб 2) къурбан хъолеб бакI; **возложи́ ть** *что-л.* **на ~** *щибниги жо* къурбан гьабизе (*мас., ватIаналъе гIоло*)

АЛТЫ́ Н *м уст.* гIурусазул некIсияб 3 капекалъул монета (3 капек)

АЛФАВИ́ Т *м* алфавит, алиф; **ава́рский ~** авар алфавит; **по ~у** алфавиталда рекъон

АЛФАВИ́ ТН//ЫЙ, -ая, -ое алфавиталъулаб; **в ~ом поря́дке** алфавиталъулаб тартибалда

АЛХИ́ МИК *м* алхимих (*алхимиялда тIад хIалтIулев чи*)

АЛХИ́ МИЯ *ж* алхимия (*гьоркьохъел веказул заманалда гIадатиял магIданаздасан месед-гIарац лъугьинабизе ресал рала-гьулеб букIараб гьересияб химия*)

А́ЛЧНОСТЬ *ж* хъантIи, бер бахиллъи, бер гIорцIунгутIи; **~ к деньга́м** гIарцуде хъантIи

А́ЛЧНЫЙ, -ая, -ое хъантIараб, бер бахилаб, бер гIорцIулареб

А́Л//ЫЙ, -ая, -ое билбагIараб, канчIбагIараб; **~ые знамёна** канчIбагIарал байрахъал; **~ые гу́бы** билбагIарал кIутIби; **~ая ро́за** канчIбагIараб розатIегь

АЛЫЧА́ *ж* (*плод и дерево*) гIисинпихъ, кIолкIона, кIоркIони

АЛЫЧО́В//ЫЙ, -ая, -ое гIисинпихъалъул, кIоркIонидул, кIолкIонадул

АЛЬБАТРО́С *м* альбатрос (*чIедерал, халатал куркьбалги ругеб, гозоги кIичIараб кьерхахъан тайпаялъул кIудияб ралъдал хIинч1)*

АЛЬБО́М *м* альбом; **~ для ма́рок** маркабазе альбом; **~ для фотографий** суратазе альбом

АЛЬВЕО́Л//Ы *мн.* (*ед.* **~а** *ж*) *анат.* чанагъалда гIосокартIал; тамахаб хвенех

АЛЬМАНА́Х *м* альманах (*батIи-батIиял хъвадарухъабазул асарал данде гьарун, цойида бахъараб тIехь, мажмуг1)*

АЛЬПИ́ ЙСК//ИЙ, -ая, -ое рорхатал мугIрузул(аб); **~ие луга́** рорхатал мугIрузул мучIдул

АЛЬПИНИ́ ЗМ *м* альпинизм (*рорхатал мугIрузде рахиналъул спорт*)

АЛЬПИНИ́ СТ *м* альпинист (*мугIрузде вахун ругьунав спортсмен*)

АЛЬПИНИ́СТКА *ж* альпинистка

АЛЬПИНИ́СТСКИЙ, -ая, -ое альпинистасулаб, альпинистазулаб; альпинизмалъулаб; **~ ла́герь** альпинистазул лагерь

АЛЬТ *м* альт (1 *руччабазул ялъуни лъималазул борхатаб кочIолаб гьаракь*; 2 *скрипкаялдаса* (*чагъанаялдаса*) *дагьаб кIудияб гьелдаго релъгьараб музыкаялъулаб алат*)

АЛЬТЕРНАТИ́ВА *ж* альтернатива (*кIиго хIукмуялъул цояб бищичIого чара гьечIолъи*)

АЛЬТИ́СТ *м* альтист, альтчи (*альталда музыка бачунев чи*)

АЛЬТРУИ́ЗМ *м* альтруизм (*цогидазе пайда гьабизе бокьи, жиндирго напсалдаса цогидазул напс, интересал цере гьари, гьезде кIвар кьей)*

АЛЬТРУИ́СТ *м* альтруист (*жиндие альтруизм хасиятав чи*)

АЛЬТРУИСТИ́ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое альтруистияб; **~ие посту́пки** альтруистиял ишал

АЛЬТРУИ́СТКА *ж* альтруистка

А́ЛЬФ//А *ж* альфа (*греказул алфавиталъул тIоцебесеб хIарп*) ◊ **от ~ы до оме́ги** авалалдаса ахиралде щвезегIан

АЛЮМИ́НИЕВ//ЫЙ, -ая, -ое алюминиялъул; **~ые ло́жки** алюминиялъул гъудал (балхъал)

АЛЮМИ́НИЙ *м* алюминий (*хим. элемент, металл*)

АЛЯПОВА́ТЫЙ, -ая, -ое хашаб, жужа-кукараб; чIурканлъи гьечIеб; **~ая расцве́тка** санагIалъи гьечIеб, рекъечIеб кьер

АМАЛЬГА́МА *ж* амальгама (*лъамамеседги цоги магIданалги жубараб жо*)

АМАЛЬГАМИ́РОВАТЬ *сов. и несов. что* лъамамеседги металлги цадахъ биине; лъамамеседги гьоркьобе жубан, рудаялда гьоркьоса месед-гIарац батIа гьабизе; амальгамаялъул тIад хъал гьабизе

АМБА́Р м амбар, нахъарукъ, хIалухъен *ва гь. ц.* цIунулеб бакI; **хле́бный ~** тIорщалил амбар (цагъур)

АМБА́РН//ЫЙ, -ая, -ое амбаралъул; **~ая две́рь** амбаралъул нуцIа

АМБИ́ЦИ//Я *ж* чIухIдари; гIамал кIодолъи; живго жиндиего кIодолъи

А́МБРА *ж* гIамбар, гьуинмахI; духи, духабазул махI

АМБРАЗУ́РА *ж* амбразура (1 *воен. хъалаялъул, сангаралъул къеда, рагъул гамаялда гIарада, пулемет, туманкI кьвагьизе гьабураб къотIел, каратI;* 2 *стр. нуцIа, горду лъезе къелъ тараб бакI, карат1)*

АМБУЛАТО́РИЯ *ж* амбулатория (*рачIарал унтаразе ва рокъор* (*ругел*) *унтаразе дару гьабулеб учреждение*)

АМБУЛАТО́РНЫЙ, -ая, -ое амбулаториялъулаб; **~ больно́й** амбулаториялъулав унтарав, сахлъизавизе амбулаториялде хьвадулев унтарав

АМЁБА *ж зоол.* амеба (*цIакъго гьитIинаб, микроскопалдалъун гурони бихьизе кIоларе рухIчIаголъи*)

АМЕРИКА́НЕЦ *м* американав

АМЕРИКА́НКА *ж* американай

АМЕРИКА́НСК//ИЙ, -ая, -ое американаялъулаб, американазул; **~ая литература** американазул литература (адабият)

АМЕРИКА́НЦЫ *мн*. американал

АМЕТИ́СТ *м* аметист (*хъахIилаб яги зобалъул кьераб къиматаб гамачI)*

АМЕТИ́СТОВ//ЫЙ, -ая, -ое аметисталъул; **~ые се́рьги** аметист лъурал кIилкIал

АММИА́К *м хим*. аммиак (*газ*); нашатыралъул спирт

АММИА́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое аммиакалъул, аммиакалъулаб; **~ое удобре́ние** аммиакалъул ракь беэн гьабулеб жо

АММОНА́Л *м хим*. аммонал

АММО́НИЙ *м хим*. аммоний

АМНИСТИ́РОВАНИЕ *с* (*по гл.* **амнисти́ровать**) амнистия гьаби, тIаса лъугьун, риччай, манапис лъазаби

АМНИСТИ́РОВАТЬ *сов. и несов. кого* амнистия гьабизе, тIаса лъугьун, риччазе, манапис лъазабизе

АМНИ́СТИЯ *ж юр*. амнистия, манапис (*тIадегIанаб хIукматалъ гIемерал тамихIалде ккарал чагIи цадахъго эркен гьари, тIаса лъугьун тей ялъуни тамихI бигьа гьаби*)

АМОРА́ЛЬНОСТЬ *ж* адаб-хъатир гьечIолъи; намус-яхI гьечIолъи, кьабихIлъи

АМОРА́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое адаб-хъатир гьечIеб, хьвада – чIвадиялъул тIалабазда данде кколареб, кьабихIаб; **~ посту́пок** кьабихIаб пиша, иш

АМОРТИЗА́ТОР *м тех*. амортизатор (*автомобилазул, самолетазул ва гь. ц. тунки тамахлъизабулеб механизм*)

АМОРТИЗАЦИО́ННЫЙ, -ая, -ое амортизациялъулаб; **~ые устро́йства** амортизациялъулал гIуцIаби (механизмаби)

АМОРТИЗА́ЦИЯ *ж* амортизация (1 *эк. хIалтIун басралъиялдалъун машинаялъул, тIагIел-алаталъул ва гь. ц. къимат дагь-дагь ккун гIодобе ккей;* 2 *тех. унеб автомобилалъул, мотоциклалъул, рещтIунеб самолеталъул ва гь. г. ц. тунки дагьлъизаби, тамахлъизаби*)

АМОРТИЗИ́РОВАТЬ *сов. и несов. что эк. тех*. амортизация гьабизе

АМО́РФНОСТЬ *ж* аморфлъи (1 *хим. мин. кристаллалъулаб гIуцIи гьечIолъи;* 2 *перен. цо чIараб форма, сипат, куц гьечIолъи*)

АМО́РФНЫЙ, -ая, -ое аморфияб (1 *хим., мин. кристалла-лъулаб гIуцIи гьечIеб;* 2 *цо чIараб форма, сипат, куц гьечIеб*)

А́МПЕР *м эл*. ампер (*электрикалъул токалъул къуваталъул роцен*)

АМПЕРМЕ́ТР *м эл*. амперметр (*электрикалъул токалъул къуват борцунеб алат*)

АМПИ́Р *м иск.* ампир (XVIII *аб. гIасруялъул ахиралда Франциялда бижараб архитектурияб стиль*)

АМПЛИТУ́ДА *ж физ*. амплитуда (*хьвагIолеб предмет щолеб кIиябго тIанкIалда гьоркьоб манзил*); **~ колеба́ния ма́ятника** маятникалъул хьвагIеялъул амплитуда

АМПЛУА́ *с нескл*. амплуа (*артистасе бищунго бокьулеб, хIазе ругьунаб роль*)

А́МПУЛА *ж* ампула (*рукIкIаца чорхолъе биччалеб дару жанибе тIолеб кIалги бацараб цIорол гьитIинаб шиша*)

АМПУТАЦИО́ННЫЙ, -ая, -ое ампутациялъул

АМПУТА́ЦИЯ *ж* ампутация *унтараб лага къотIун нахъе рехи*

АМПУТИ́РОВАТЬ *сов. и несов. что* ампутация гьабизе, къотIун нахъе рехизе (*унтараб лага*); **~ но́гу** бох къотIун рехизе, къотIизе

АМУЛЕ́Т *м* сабаб, гьайикал (гьайикар)

АМФИ́БИЯ *ж* амфибия (1 *зоол. лъелъги ракъдадаги яшав гьабулеб рухIчIаголъи;* 2 *бот. лъелъги ракъдадаги букIунеб хер;* 3 *воен. лъелъги ракъдадаги хIалтIулеб танк, машина; ракъдадаги лъедаги рештIине ва гьенисан боржине кIолеб самолет*)

АМФИБРА́ХИЙ *м лит*. амфибрахий (*кочIол роценалъул цояб*)

АМФИТЕА́ТР *м* амфитеатр (1 *цебе заманалда римазул ва греказул букIараб, бакъулъ сценаги сверун гIадамал чIолел кьералги ругеб тIад бачIеб театр*; 2 *гьанжесел театразда залалъул тIарада, болъаби гIадин, цоялда тIад цоги бащдаб свериялъул формаялда гьарурал гIадамал чIолел бакIал*)

АНАБИО́З *м биол*. анабиоз (*дагьаб мехалъ ахцанги рукIун, цо-цо лугби хIалтIи, чIаголъи*)

АНАГРА́ММА *ж лит*. анаграмма (*хIарпал хисун лъун, цIияб рагIи лъугьинаби*)

АНА́ЛИЗ *м* анализ (1 *щибниги гьелъул бутIабазде биххи*; 2 *рагIа-ракьанде щун, лъазаби; цIеха-рехон балагьи*)

АНАЛИЗИ́РОВАТЬ *сов. и несов. что* анализ гьабизе, бихизе, цIеха-рехон балагьизе

АНАЛИ́ТИК *м* аналитик (*анализ гьабулев чи*)

АНАЛИТИ́ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое аналитикияб, анализалъулаб, анализ методалда рекъараб; **~ий ум** аналитикияб гIакълу; **~ая хи́- мия** аналитикияб химия; **~ая геоме́трия** аналитикияб геометрия

АНАЛОГИ́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое релъгьараб, гьединабго, данде битIун кколеб; **~ое реше́ние** гьединабго хIукму; **~ый слу́чай** гьединабго лъугьа-бахъин

АНАЛО́ГИЯ *ж* цоцада релъгьин; **по́лная ~** тIубараб релъгьен

АНАНА́С *м* (*плод и растение*) ананас (*тропикиял улкабазда бижулеб хер ва гьелъул пихъ*)

АНАНА́СНЫЙ, -ая, -ое, **анана́совый**, -ая, -ое ананасалъул; ананасалъулаб; **~ сок** ананасалъул сок

АНА́ПЕСТ *м лит.* анапест (*кочIол роценалъул цояб*)

АНАРХИ́ ЗМ *м полит.* анархизм (1 *кинаб бугониги хIукумат ва гьединго пролетаразул диктатура къабул гьабулареб гIисинбуржуазиялъулаб политикияб нух;* 2 *кинаб бугониги хIукуматалъе, законалъе мутIигIлъунгутIи, жиндиего бокьараб гьаби*)

АНАРХИ́ СТ *м* анархист (1 *анархизмалъул рахъ ккурав чи, анархистазул организациялъул член;* 2 *кинаб бугониги хIукуматалъе, законалъе мутIигIлъуларев чи, жиндиего бокьараб гурони гьабуларев чи*)

АНАРХИ́ СТКА *ж* анархистка (*анархизмалъул рахъ ккурай чIужугIадан, жиндиего бокьараб гурони гьабуларей чIужугIадан*)

АНАРХИ́ СТСК//ИЙ, -ая, -ое анархистазул, анархистияб; **~ая организа́ция** анархистазул организация, анархистияб гIуцIи

АНАРХИ́ ЧЕСКИЙ, -ая, -ое анархиялъулаб

АНАРХИ́ ЧНЫЙ, -ая, -ое анархияб

АНА́РХИЯ *ж* анархия (1 *полит. пролетараз политикияб къеркьей гьабичIого, пролетаразул диктатура гIуцIичIого ва гьез пачалихъалда хIакимлъи гьабичIого, классал гьечIеб общество гIуцIизе кIолин абулеб кьучI гьечIеб теория;* 2 *гIадлу-низам гьечIолъи, хIукумат гьечIолъи, бокьа-бокьараб гьаби*); ◊ **~ произво́дства** производствоялда (хIалтIуда) гIадлу-низам гьечIолъи

АНА́ТОМ *м* анатом (*анатомиялъул гIелму лъалев чи*)

АНАТОМИ́РОВАТЬ *сов. и несов. кого-что* къаркъала сун, жанире раккизе

АНАТОМИ́ ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое анатомиялъулаб; **~ие иссле́дования** анатомиялъулал цIех-рехал; **~ий а́тлас** анатомиялъулаб атлас; **~ий теа́тр** анатомиялъул театр (*гIадамасул черхалъул гIуцIи лъазабизелъун, къаркъалаги сун, гьелъул хал гьабулеб ва анатомиялъул хIакъалъулъ лекция цIалулеб хасаб рукъ*)

АНАТО́МИЯ *ж* анатомия (*чIагоял лугбузул жанисеб гIуцIиялъул хIакъалъулъ бугеб гIелму*)

АНА́ФЕМ//А *ж* нагIана; **преда́ть ~е** нагIана кьезе

АНАХРОНИ́ ЗМ *м* анахронизм (1 *цо заманалда лъугьа-бахъараб жо цоги батIияб заманалда лъугьараблъун мекъи бихьизаби;* 2 *заманалда рекъоларел басриял гIадатал, пикраби хIалтIизари*)

АНГА́Р *м* ангар (*самолет чIезе ва цIунизе бараб хасаб ригь*)

А́НГЕЛ *м прям., перен.* малаик

А́НГЕЛЬСК//ИЙ, -ая, -ое *прям., перен.* малаикасулаб; гьайбатав; **~ое терпе́ние** малаикасулаб сабру, кIудияб сабру

АНГИДРИ́ Д *м хим.* ангидрид (*кинаб бугониги элементалъулги кислородалъулги, кислотаялдаса лъимги батIа гьабун, лъугьинабураб цолъи*); **се́рный ~** чIабтIил(аб) ангидрид; **серни́стый ~** чIабатI хIалаб ангидрид

АНГИ́ НА *ж мед.* ангина (*щекъер-мукъулукъ унтун, лъугьунеб унти*), щекъер унти, щокърол гарцIал гьорой

АНГЛИ́ ЙСК//ИЙ, -ая, -ое ингилисазулаб; ингилис; **~ий язы́ к** ингилис мацI; **~ая делега́ция** ингилисазул делегация; **~ий замо́к** ингилис рахай; **~ая була́вка** малирукIкIен, кIичIвалеб рукIкIен; **~ая соль** ингилис цIан

АНГЛИЧА́НЕ *мн.* ингилисал

АНГЛИЧА́НИН *м* ингилисав

АНГЛИЧА́НКА *ж* ингилисай

АНГО́РСК//ИЙ, -ая, -ое анкаралъулаб; ангоралъулаб; **~ая коза́** анкара (ангора) тайпадул цIцIе; **~ая ко́шка** анкара тайпадул кето; **~ая шерсть** анкара (ангора) цIцIаназул квас

АНДИ́ ЕЦ *м* гIандисев

АНДИ́ ЙКА *ж* гIандисей

АНДИ́ ЙСК//ИЙ, -ая, -ое гIандадерил; **~ий язы́ к** гIандадерил мацI

АНДИ́ ЙЦЫ *мн.* гIандал; гIандисел

АНЕКДО́Т *м* анекдот, хочI (*ургъун бахъараб хочIалъулаб къокъаб лъугьа-бахъин*); **смешно́й ~** релъизарулеб, кепаб анекдот

АНЕКДОТИ́ ЧЕСКИЙ, -ая, -ое гIа́даб, хочIаб, анекдотияб; **~ слу́чай** анекдотияб лъугьа-бахъин, гIадаб лъугьа-бахъин

АНЕМИ́ ЧНЫЙ, -ая, -ое *мед.* би дагьаб

АНЕМИ́ Я *ж мед.* анемия, би дагьлъи

АНЕРО́ИД *м* анероид (*барометралъул цо тайпа*)

АНЕСТЕЗИО́ЛОГ *м мед.* анестезиолог (*анестезиология лъалев чи, анестезиологиялъул специалист*)

АНЕСТЕЗИОЛО́ГИЯ *ж мед.* анестезиология (*кIотинариялъул хIакъалъулъ бугеб гIелму*)

АНЕСТЕЗИ́ РОВАТЬ *сов. и несов. кого-что мед.* анестезия гьабизе, кIотинабизе; агълъизабизе, унти лъалареблъун гьабизе; **~ операцио́нное по́ле** операция гьабизе бугеб бакI кIотинабизе, унти лъалареблъун лъугьинабизе, агълъизабизе

АНЕСТЕЗИ́ Я *ж мед.* анестезия, кIотин, унти лъангутIи; **о́бщая ~** гIаммаб анестезия (кIотин, агълъи), тIубараб черхалдаго унти лъангутIи, тIубараб черхго кIотин, агълъи

АНИЛИ́ Н *м хим.* анилин (*релъаби гьаризе хIалтIизабулеб кьер гьечIеб ялъуни тIогьилкьераб нахулаб лъамалъи*)

АНИЛИ́ НОВ//ЫЙ, -ая, -ое *хим.* анилиналъул; **~ая кра́ска** анилиналъул релъен

АНИМАЛИ́СТ анималист (*хIайваназул суратал рахъулев, скульптураби гарулев художник, скульптор*)

АНИМИ́ ЗМ *м* анимизм (*щибаб жоялъул рухI бугилан абураб пикру*)

АНИ́С *м* 1) *бот.* анис, бигъараб мучари (*чадир гIадаб тIегьалъул хьодуе ва гьелъул бахъулеб берцинаб махIалъул нахуе гIоло бекьулеб хер*) 2) анис (*гIечул цо тайпа*)

АНИ́ СОВ//ЫЙ, -ая, -ое анисалъул; **~ое ма́сло** анисалъул нах

АНКЕ́Т//А *ж* анкета (*баянал ракIариялъе суалал хъвараб кагъат*); **запо́лнить ~у** анкета цIезе

АНКЕ́ТН//ЫЙ, -ая, -ое анкеталъулаб; **~ые да́нные** анкеталъулал баянал, анкеталъулал далилал

АННЕКСИОНИ́ СТСК//ИЙ, -ая, -ое *полит.* аннексионистияб, хIалица ракь бахъиялъулаб; **~ая поли́ тика** аннексионистияб, хIалица ракь бахъиялъулаб политика

АННЕКСИ́ РОВАТЬ *сов. и несов. что полит.* аннексия гьабизе, хIалица ракь бахъизе

АННЕ́КСИЯ *ж полит.* аннексия, хIалица ракь бахъи

АННОТА́ЦИЯ *ж* аннотация (*тIехьалъул, статьялъул, къокъаб куцалда хъвараб хIасил*)

АННОТИ́ РОВАТЬ *сов. и несов. что* аннотация гьабизе (*тIехьалъул къокъаб хIасил хъвазе*)

АННУЛИ́ РОВАТЬ *сов. и несов. что* хвезабизе, хIакъикъияб гуреблъун гьабизе, гIамал гьабулареблъун рикIкIине; **~ догово́р** къотIи (договор) хвезабизе

АНО́Д *м физ.* анод

АНО́ДНЫЙ, -ая, -ое анодияб

АНОМА́ЛИЯ *ж* аномалия, низам биххи, низам хвей

АНОМА́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое аномалияб, низам биххараб, низам хвараб

АНОНИ́ М *м* аноним, цIаргьечI (1 *жинцаго хъвараб кагътида, тIехьалда ва цоги асаралда жиндирго цIар хъвачIого, гьеб балъго гьабурав автор*; 2 *авторас жиндирго цIар балъго гьабураб тIехь, кагъат ва гь. ц.*)

АНОНИ́ МКА *ж разг.* анонимка (*анонимияб къагIидаялда хъвараб кагъат*) гъоркь цIар хъвачIеб кагъат

АНОНИ́ МН//ЫЙ, -ая, -ое анонимияб (*авторас жиндирго цIар хъвачIеб*); **~ое письмо́** анонимияб кагъат, гъоркь цIар хъвачIеб кагъат

АНО́НС *м* анонс (*спектаклялъул, концерталъул ва ц. хIакъалъулъ цебеккунго лъазаби*)

АНОНСИ́РОВАТЬ *сов. и несов. что* цебеккунго лъазабизе (*рукIинесел концертазул, спектаклязул ва ц. хIакъалъулъ*)

АНСА́МБЛЬ *м* ансамбль (1 *сундулниги киналго бутIаби, тIелал цоцалъ рекъей, низамалда цолъи*; 2 *художествоялъулаб коллектив жидедасан данде гьарурал киналго артистал, музыкантал ва ц.*)

АНТАГОНИ́ЗМ *м* антагонизм (*батIи-батIиял мурадал, пикраби данде ккунгутIиялдалъун тушманлъиялда цоцалъ къеркьей*); **кла́ссовый ~** классияб антагонизм

АНТАГОНИСТИ́ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое антагонизмалъулаб, мурадал данде кколарел; **~ие противоре́чия** антагонизмалъулал дандеккунгутIиял

АНТАРКТИ́ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое антарктикаялъулаб; Антарктика лъазабулеб; **~ая экспеди́ция** Антарктика лъазабулеб экспедиция

АНТЕ́ННА *ж* антенна; **телевизио́нная ~** телевизоралъул антенна

АНТЕ́НН//ЫЙ, -ая, -ое антеннаялъул, антеннаялъулаб; **~ое обору́дование** антеннаялъул къайи-къоно, алатал

АНТИ- *приставка* анти- *рагIул бетIералде жубалеб данде, дандечIей абураб магIнаялъул бутIа, мас.:* **антифаши́ зм** *фашизмалда дандечIей гьаби;* **антирелигио́зный** *диналда данде чIараб*

АНТИБИО́ТИКИ *мн.* (*ед.* **антибио́тик** *м*) *мед.* антибиотикал (*микробазда дандечIей гьабулел дарманал*)

АНТИВОЕ́ННЫЙ, -ая, -ое рагъалда данде чIараб

АНТИГЕ́Н *м биохим.* антиген (*организмалъеги чияраб ва гьелъулъ жиндаго данде чIараб антителоги бижизабулеб жо*)

АНТИГОСУДА́РСТВЕННЫЙ, -ая, -ое пачалихъалда данде чIараб

АНТИДЕМОКРАТИ́ ЧЕСКИЙ, -ая, -ое демократиялда данде чIараб

АНТИИМПЕРИАЛИСТИ□ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое империализмалда данде чIараб; **~ое движе́ние** империализмалда данде чIараб багъа-бачари

АНТИИСТОРИ́ ЧЕСКИЙ, -ая, -ое историялда данде чIараб, историялда рекъолареб, историялда данде кколареб

АНТИКВА́Р *м* антиквар, гIантIикIачи (1 *цебе заманалъул къиматал жал хирияв ва гьел ракIарулев чи;* 2 *цебе заманалъул къиматал жалазул даран гьабулев чи*)

АНТИКВА́РН//ЫЙ, -ая, -ое некIсияб ва къиматаб

АНТИКОЛОНИА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое колониализмалда данде чIараб; **~ая борьба́** колониализмалда данде чIараб къеркьей

АНТИКРИ́ЗИСНЫЙ –ая, -ое кризисалда данде бугеб (гьабулеб)

АНТИКОММУНИСТИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое коммунизмалда данде чIараб

АНТИЛО́ПА *ж зоол.* жайран, антилопа

АНТИМАРКСИ́ СТСК//ИЙ -ая, -ое марксизмалда данде чIараб; **~ая тео́рия** марксизмалда данде чIараб теория

АНТИМАТЕРИАЛИСТИ́ ЧЕСКИЙ, -ая, -ое материализмалда данде чIараб

АНТИМИЛИТАРИ́ ЗМ *м* милитаризмалда дандечIей

АНТИМИЛИТАРИ́ СТСКИЙ, -ая, -ое милитаризмалде данде чIараб

АНТИНАРО́ДНЫЙ, -ая, -ое халкъалда данде чIараб, халкъалъе заралаб, халкъалъе тушманаб

АНТИНАУ́ ЧН//ЫЙ, -ая, -ое гIелмуялда данде чIараб; **~ая тео́рия** гIелмуялда данде чIараб теория

АНТИНАЦИОНА́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое миллаталда данде чIараб, миллаталъе заралаб, миллаталъе тушманаб

АНТИОБЩЕ́СТВЕННЫЙ, -ая, -ое обществоялда данде чIараб, обществоялъе тушманаб, обществоялъе заралияб

АНТИПАРТИ́ ЙНЫЙ, -ая, -ое партиялда данде чIараб, партиялъе тушманаб

АНТИПАТИ́ ЧНЫЙ, -ая, -ое рокьукъаб, ракI гъанцIулеб; **~ый челове́к** рокьукъав инсан

АНТИПА́ТИ//Я *ж* рокьукълъи, ракIбангутIи, ракIгъанцIи; **чу́вствовать** *к кому-л.* **~ю** *лъидениги* рокьукълъи букIине, *щив вугониги* вокьунгутIизе

АНТИПАТРИОТИ́ ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое патриотлъиялда, ватIан бокьиялда данде чIараб

АНТИПО́ДЫ *мн.* (*ед.* **антипо́д** *м*) хасиятал, пикраби, гIамалал данде кколарел чагIи; цоцазе гIаксал чагIи

АНТИПРАВИ́ТЕЛЬСТВЕННЫЙ, -ая, -ое хIукуматалда данде чIараб

АНТИРЕЛИГИО́ЗН//ЫЙ, -ая, -ое диналда данде чIараб; **~ая пропага́нда** диналда данде чIараб пропаганда

АНТИСАНИТА́РН//ЫЙ, -ая, -ое рацIцIа-ракъалъи гьечIеб, рацIцIа-ракъалъиялъе данде кколареб; **~ые усло́вия** санитариялъе данде кколарел шартIал

АНТИСЕМИ́ Т *м* антисемит, жугьутIалрих (*жугьутIаздехун тушманлъи хIалтIизабулев, гьел рихарав чи*)

АНТИСЕМИТИ́ ЗМ *м* антисемитизм, антисемитлъи; жугьутIазда дандечIей, жугьутIаздехун тушманлъи гьаби, жугьутIал рихин

АНТИСЕМИ́ ТСКИЙ, -ая, -ое антисемитияб, антисемитизмалъулаб

АНТИСЕ́ПТИКА *ж мед.* антисептика (*рецIцIалда, хьвердалда дандечIей; ругънада, унтараб бакIалда микробал тIагIинари*)

АНТИСЕПТИ́ ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое антисептикияб; **~ие средства́** антисептикиял дараби

АНТИСОВЕ́ТСКИЙ, -ая, -ое совет власталда данде чIараб, совет власталдехун тушманлъи ккураб

АНТИТЕ́ЗА *ж* антитеза (*цоцазда данде чIараллъун рукIин, цоцазул гIаксалда ругеллъун рукIин; асар цIикIкIинабизе ва баянго бичIчIизе гIоло цоцазул гIаксалда бугеб кIиго пикру яги образ бихьизаби*)

АНТИТЕ́ЗИС *м филос.* антитезис (*аслияб тезисалда данде чIараб пикру*)

АНТИТЕЛА́ *мн.* (*ед.* **антите́ло** *с*) *биохим.* антитела (*организмалъулъ, гьелъие чияраллъун кколел жал жанире лъугьинтун, рижулел ва гьезда данде чIарал веществаби*)

АНТИТОКСИ́ НЫ *мн.* (*ед.* **антитокси́ н** *м*) *биол.* антитоксинал (*загьраби организмалъулъе лъугьиндал, гьез рижизарулел ва жидеца организмаги цIунулел жал*)

АНТИФАШИ́ СТ *м* фашизмалда данде чIарав

АНТИФАШИ́ СТСК//ИЙ, -ая, -ое фашизмалда данде чIараб; **~ая организа́ция** фашизмалда данде чIараб организация

АНТИФРИ́ З *м авто.* антифриз (*цIер чIваялда данде чIолеб лъамалъи*)

АНТИ□ХРИСТ *м* тажал (1 *рел. ГIиса-аварагасул бищун кIудияв ва бищун ахирияв тушман;* 2 *бран. прост. уст. нажас*)

АНТИХУДО́ЖЕСТВЕННЫЙ, -ая, -ое художествияб махI гьечIеб; художествияб бичIчIи гьечIеб; берцинлъи-гьайбатлъи гьечIеб

АНТИЦИКЛО́Н *м метео.* антициклон (*кIиго циклоналда гьоркьоб лъугьунеб гьаваялъул тIадецуй кутакаб бак1)*

АНТИЧАСТИ□ЦА *ж физ.* античастица (*гIаксаб частица, мас.: электрон ва позитрон, протон ва антипротон, нейтрон ва антинейтрон, нейтрино ва антинейтрино*)

АНТИ́ ЧН//ЫЙ, -ая, -ое цересел греказул ва румазул тарихалда ва культураялда хурхараб; **~ая филосо́фия** цересел греказул ва румазул философия; **~ про́филь** битIараб, берцинаб гьумер (*цересел греказул ва румазул статуязул гIадаб берцинаб сипат-сурат*)

АНТОЛО́ГИЯ *ж лит.* антология (*батIи-батIиял авторазул тIаса рищарал асаразул мажмуг1)*

АНТО́НИМ *м лингв.* антоним (*гIакса магIна бугеб рагIи, мас.: гIагарда — рикIкIада, цIияб — басрияб*)

АНТО́НОВКА *ж* антоновка (*гIечул тайпа*)

АНТРА́КТ *м театр.* антракт (1 *театралда, концерталда кIиго пардавалда, бутIаялда гьоркьоб лъалхъи, хIухьбахъи;* 2 *театралда кIиго пардавалда гьоркьоб бачине хъвараб музыкияб асар*)

АНТРАЦИ́ Т *м* антрацит (*ганчIил тIорччол бищунго лъикIаб тайна)*, ици

АНТРАЦИ́ ТОВЫЙ, -ая, -ое антрациталлъул, ицидул

АНТРЕСО́Л//И *мн.* (*ед.* **~ь** *ж*) антресоли (1 *рукъалъул тIасияб бащдаб тIала;* 2 *рукъалда жаниб балкон гIадаб тIаде гьабураб бак1)*

АНТРОПО́ЛОГ *м* антрополог (*антропология гIелму лъалев чи*)

АНТРОПОЛОГИ́ ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое антропологиялъулаб; **~ие иссле́дования** антропологиялъулал цIех-рехал (гьари́)

АНТРОПОЛО́ГИЯ *ж* антропология (*инсан вижиялъул ва дагь-дагьккун хисиялъул бицунеб гIелму*)

АНТРОПОМОРФИ́ ЗМ *м* антропоморфизм (*анимизмалъул цо форма – инсанасе хасиятал рахъал тIабигIиял жалазеги (рухIчIаголъабазе, предметазе) хасияталлъун рихьизари, гьединго аллагьасул инсанасулго гIадаб сипат-сурат гьаби*)

АНФА́С *нареч.* анфас (*бадиве вуссун, данде вуссун, балагьарасде гьумер буссун*); **сфотографи́роваться ~** данде вуссун, сурат бахъизе

АНШЛА́Г *м* аншлаг (1 *театралде, концерталде ва ц. белтал ричун лъугIанилан лъазаби*; 2 *газеталда чIахIиял хIарпаздалъун хъвараб бетIер*)

АО́РТА *ж анат.* аорта (*инсанасул ва хIайваназул рекIел квегIаб бутIаялдасан унеб кIудияб бидурихь, артерия*)

АПАРТЕИ́ Д *м* апартеид (*расабазулаб принципалда халкъ бикьулеб ва ихтияраздаса махIрум гьабулеб политика*)

АПАТИ́ Т *м мин.* апатит (*ракь беэн гьабиялъе хIалтIизабулеб минерал*)

АПАТИ́ТОВ//ЫЙ, -ая, -ое апатиталъулаб; **~ые ру́ды** апатиталъулал магIданал

АПАТИ́ ЧНЫЙ, -ая, -ое ракI свараб, ракI гIодоб чIвараб

АПА́ТИ//Я *ж* ракI свин, батIалъи гьечIолъи, ракI гьечIолъи, ракI цIорой, гьира гьечIолъи; вечIай; **впасть в ~ю** ракI свине, ракI цIорозе, батIалъи гьечIевлъун лъугьине; вечIазе

АПЕЛЛИ́ РОВАТЬ *сов. и несов.* 1) *юр.* апелляция кьезе, апелляция гьабизе (*гIарза кьезе; судалъул хIукмуялда тIасан тIадехун гIарза кьезе*) 2) *к кому-чему* (*обратиться*) хитIаб гьабизе; **~ к ма́ссам** халкъалдехун хитIаб гьабизе

АПЕЛЛЯЦИО́НН//ЫЙ, -ая, -ое юр. апелляциялъулаб; **~ая жало́ба** апелляциялъулаб гIарза

АПЕЛЛЯ́ЦИЯ *ж* 1) *юр.* (*обжалование*) апелляция (*судалъул хIукмуялда тIасан гIарза*) 2) (*обращение*) хитIаб

АПЕЛЬСИ́Н *м* (*плод и дерево*) апельсин

АПЕЛЬСИ́ ННЫЙ, -ая, -ое, **апельси́ новый**, -ая, -ое апельсиналъул; **апельси́нное варе́нье** апельсиналъул мурапа; **апельси́но-вая планта́ция** апельсиналъул плантация

АПЛОДИ□РОВАТЬ *несов. кому-чему* хъат кьабизе, хъат чIвазе (*щибниги жо ритIухъ гьабун, разилъи лъазабун*)

АПЛОДИСМЕ́НТ//Ы *мн.* хъатчIвай, хъаткьаби (*щибниги жо ритIухъ гьабун, разилъи лъазабун, баркун*); **ре́чь прерыва́лась бу́рными ~ами** кутакаб хъатчIваялъ кIалъай гьоркьоб къотIизабулаан

АПЛО́МБ *м* апломб (*хьвада-чIвадиялъулъ ва кIалъаялъулъ жиндаго цIакъ ракI чIей*); **говори́ ть с ~ом** жиндаго цIакъ ракI чIун, кIалъазе

АПОГЕ́//Й *м* 1) *астр.* апогей (*моцIалъул ялъуни искусственияб спутникалъул свериялъул бищунго ракьалдаса рикIкIадаб тIанк1)* 2) *перен.* завал, борхалъи; **его́ тала́нт дости́ г своего́ ~я** досул гьунар, бажари завалалде бахун букIана

АПОЛИТИ́ ЧНОСТЬ *ж* политикияб ишалдаса нахъе кIанцIун чIей

АПОЛИТИ́ЧНЫЙ, -ая, -ое политикияб ишалдаса батIа кIанцIун чIараб, политикаялдаса нахъе кIанцIараб

АПОЛОГЕ́Т *м* апологет (*цо кинаб бугониги идея, мазгьаб, пикруялъул рахъ ккун, гьеб цIунун, вахъунев чи*)

АПОПЛЕКСИ́ ЧЕСКИЙ, -ая, -ое *мед.* апоплексиялъул, апоплексиялда бухьараб

АПОПЛЕКСИ́ Я *ж мед.* апоплексия (*гIадалнахулъе би чвахун, яги гIадалнахул бидурихь бацун, циндаго лъавудаса ин ва паралич лъугьин*); гIадалъе би тIинкIи

АПОСТРО́Ф *м* апостроф (*мухъида тIасияб запятая гIадаб гIаламат* **'**)

АПОФЕО́З *м* апофеоз (1 *цо щибниги (щивниги) цIакъго машгьурлъизаби, бецци;* 2 *театралъулал асаразда героясе, халкъалъе, ахирияб ишалъе кIудияб рецц-бакъ гьабулеб ахирисеб бутIа*)

АППАРА́Т *м в разн. знач.* аппарат; **фотографи́ческий** ~ сурат бахъулеб аппарат; **слуховòй** ~ гьаракь ргIизе лъолеб аппарат; **госуда́рственный** ~ пачалихъалъулаб аппарат, пачалихъияб аппарат

АППАРА́ТН//ЫЙ, -ая, -ое **1.** аппараталъулаб **2.** *в знач. сущ.* **~ая** *ж* аппаратная (*аппаратура лъураб рукъ*)

АППАРАТУ́ РА *ж собир.* аппаратура, аппаратал

АППЕ́НДИКС *м анат.* аппендикс (*бецабакьалъул хIапараялда релъгьараб гIаркьел*)

АППЕНДИЦИ́Т *м мед.* аппендицит (*аппендиксалда кколеб унти*)

АППЕТИ́ Т *м* 1) кваниде гьира, кваниде хьул, квен бокьи; **отсу́тствие ~а** кваниде гьира гьечIолъи, кваниде хьул гьечIолъи 2) *перен.* (*неумеренное желание*) кутакаб къасд; цIакъ бокьи

◊ **во́лчий ~** а) кутакалда кваназе бокьи; 2) кутакаб хъантIи

АППЕТИ□ТНЫЙ, -ая, -ое хьул лъезабулеб, гьира ккезабулеб, къасд ккезабулеб *(квен),* цIакъ тIагIамаб

АППЛИКА́ЦИЯ *ж* аппликация (1 *батIи-батIияб кьералъул кагътил яги ххамил кескал седон, рукъун, сурат гьабулеб къагIида;* 2 *гьеб куцалда гьабураб сурат, накъыш*)

АПРЕ́Л//Ь *м* апрель; **в ~е э́ того го́да** гьеб соналъул апрелалда; **в ~е про́шлого го́да** араб соналъул апрелалда; **пе́рвое ~я** тIоцебесеб апрель, апрелалъул тIоцебесеб *(къо)*

АПРЕ́ЛЬСК//ИЙ, -ая, -ое апрелалъул, апрелалъулаб; **~ое у́тро** апрелалъулаб радал гIуж (мех)

АПРИО́РИ *нареч.* априори (1 *филос. фактал лъазариялде мугъчIвай гьабичIого, хIалбихьиялда хурхинчIого;* 2 *перен. хал гьабичIого, чIезабичIого*)

АПРИО́РНЫЙ, -ая, -ое априорияб (*хIалбихьиялде мугъ чIвачIеб, гьелде хIажалъулареб*)

АПРОБА́ЦИЯ *ж* 1) (*одобрение*) апробация, официалияб къагIидаялда цо жо лъикIаблъун рикIкIин; **~ уче́бных програ́мм** цIалул программабазул апробация 2) *с.-х.* апробация (*лъикIаб хьон бекъун, бачIараб тIорщелалъул хал гьабун, гьелъие къимат кьей*)

АПРОБИ□РОВАТЬ *сов. и несов. что* ритIухъ гьабизе, тасдикъ гьабизе, лъикIаблъун рикIкIине; къимат кьезе

АПТЕ́К//А *ж* аптека; тIоцебесеб кумекалъе хIажалъулел дараби ◊ **как в ~е** *шут.* аптекаялда гIадин, дурусго, цIакъ битIун

АПТЕ́КАРСК//ИЙ, -ая, -ое 1) аптекаялъулаб; **~ие весы́** аптекаялъулал цIадираби 2) аптекарасулаб

АПТЕ́КАРЬ *м уст.* аптекарь

АПТЕ́ЧКА *ж* аптечка (*гьитIинаб аптека*); сапаралъ цадахъ босулеб аптечка

АР *м* (*мера земли*) ар (1*00 кв. м*)

АРА́Б *м* гIарабияв

АРАБИ́СТ *м* гIарабист (*гIараб мацIалъул, адабияталъул, маданияталъул специалист, гIалимчи*)

АРАБИ́СТИКА *ж* гIарабистика (*гIараб мацIалъул, адабияталъул, маданияталъул ва тарихалъул гIелму*)

АРА́БКА *ж* гIарабияй

АРА́БСК//ИЙ, -ая, -ое гIарабалъул, гIарабиязул, гIараб; **~ий язы́ к** гIараб мацI; **~ие ци́ фры** гIараб тарихал (1*, 2, 3 ва ц.*)

АРА́БЫ *мн.* гIарабиял

АРАНЖИ́ РОВАТЬ *сов. и несов. что муз.* аранжировка гьабизе (*цо музыкалиял алатаз бачине хъвараб музыка цогидал алатаз бачине рекъезабизе*)

АРАНЖИРО́ВКА *ж муз.* (*по гл.* **аранжи́ровать**) аранжировка (*цо алатаз бачине хъвараб музыка (бакъан) цогидал алатаз бачине рекъезаби*)

АРА́ПНИК *м* арапник, цIал (*къокъаб гIоркьги бугеб халатаб чанахъабазул цIал*)

АРА́ХИС *м* (*растение и плод*) арахис, ракьул цIулакьо (*хьон ракьулъ бижулеб югалъулаб гьалилаб культура*)

АРА́ХИСОВ//ЫЙ, -ая, -ое арахисалъул; **~ая халва́** арахисалъул хIалива

АРБА́ *ж* гьоко

АРБИ́ТР *м юр. спорт.* арбитр (*судалде кьолареб тайпаялъул дагIба базе ва къецалъе гьоркьохъанлъи, хIукму гьабулев чи; чIалде рахъараб бакIалда хIукму гьабулев судияв*)

АРБИТРА́Ж *м* арбитраж (*дагIба ккарал суалал арбитраздалъун тIурай*)

АРБИТРА́ЖН//ЫЙ, -ая, -ое арбитражалъулаб; **~ая коми́ссия** арбитражалъул комиссия

АРБУ́ З *м* хъарпуз

АРБУ́ЗН//ЫЙ, -ая, -ое хъарпузалъул; **~ые семена́** хъарпузалъул хьон (мугьал)

АРГО́Н *м* аргон (*хим. элемент, кьер ва махI гьечIеб, химиялъулаб реакцияги кьолареб газ*)

АРГУМЕ́НТ *м* 1) хIужжа, далил 2) *мат.* аргумент (*сундаго бухьинчIого, жибго хисулеб къадар*)

АРГУМЕНТА́ЦИЯ *ж* далил бачин, кьучIаблъун гьаби, хIужжаби рачин; киналго хIужжаби

АРГУМЕНТИ́ РОВАТЬ *сов. и несов. что* хIужжа чIезабизе, далил бачун бихьизабизе

АРЕНДОВА́ТЬ *сов. и несов.* ижараялъ босизе

АРЕ́НА *ж* арена (1 *циркалъул бакьулъ гургинаб майдан;* 2 *перен. книжн. хIалтIи, иш*)

АРЕ́НД//А *ж* 1) ижара, ижараялъе кьей; **взять в ~у** ижараялъе босизе 2) ижараялъул мухь, кирахIакъ; **вноси́ть ~у** кирахIакъ кьезе

АРЕНДА́ТОР *м* ижарачи

АРЕ́НДН//ЫЙ, -ая, -ое ижараялъул, ижарадул; **~ая пла́та** ижарахIакъ, кирахIакъ

АРЕО́МЕТР *м физ*. ареометр (*лъамиял жалазул ччоборлъи, гъорлъ ругел жалазул къадар борцунеб алат*)

АРЕ́СТ *м* 1) туснахъ гьави, жанив тIами; **взять** *кого-л*. **под ~** жанив тIамизе 2) *юр*. арест (*гIарцуда яги къайи-къоноялда ихтияр гьабизе судалъул хIукмуялдалъун гьукъи*); **наложи́ ть ~ на иму́щество** къайи-къоноялда арест лъезе

АРЕСТА́НТ *м* туснахъ, туснахъалда тIамурав чи

АРЕСТА́НТКА *ж* туснахъ, туснахъалда тIамурай гIадан, жаний тIамурай гIадан

АРЕСТО́ВАННЫЙ *м* туснахъ, туснахъ гьавурав, жанив тIамурав

АРЕСТОВА́ТЬ *сов. и несов. кого-что* туснахъ гьавизе, жанив тIамизе; арест лъезе

АРЕСТО́ВЫВАТЬ *несов. см*. **арестова́ть**

АРИСТОКРА́Т *м* аристократ (1 *дворяназулаб къадру-къимат бугев тIадегIанаб даражаялъул чи;* 2 *перен. халкъалда гьорлъ жуваларев, живго тIадегIанавлъун вихьун, батIа кIанцIун вукIунев чи*)

АРИСТОКРАТИ́ ЗМ *м* аристократазе хасиятаб хьвада-чIвади, гIамал-тIабигIат; тIасан бихьулеб назуклъи

АРИСТОКРАТИ́ ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое аристократияб, аристократазулаб; **~ое о́бщество** аристократазулаб общество; **~ие мане́ры** аристократазулаб гIамал-хасият, рагьа-рачари

АРИСТОКРА́ТИЯ *ж* аристократия (1 *бечедазухъ ва къадруязухъ квербещел бугеб пачалихъияб гIуцIи;* 2 *ханзабазул, бегзабазул бади-кIалдисеб тIел; обществоялъул тIадегIанаб къокъаялъулги бищунго рагIи-иш кодосел гIадамал*)

АРИСТОКРА́ТКА *ж* аристократка (1 *дворяназул къадру-къиимат бугей тайпаялъул тIадегIанаб даражаялъул чIужугIадан;* 2 *перен. халкъалда гьорлъ жуяларей, жийго тIадегIанайлъун йихьун, батIа кIанцIун йикIуней чIужугIадан*)

АРИТМИ́ Я *ж мед*. рекIел хIалтIул низам гьечIолъи, низам хвей

АРИФМЕ́ТИКА *ж* арифметика, хIисабгIелму

АРИФМЕТИ́ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое арифметикаялъул; **~ая зада́ча** арифметикаялъул масъала

АРИФМО́МЕТР *м* арифмометр (*арифметикиял гIамалал механикияб къагIидаялда гьарун, хIасилал рахъулеб прибор*)

А́РИЯ *ж муз*. ария (*операялда цо гьаркьие яги цо музыкалияб алатаъе бугеб партия*)

А́РКА *ж* 1) кIамури 2) гъапу

АРКА́Н *м* аркан (*чу ва ц. кквезе гьабураб кIичI бугеб халатаб квар*)

АРКТИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое арктикаялъул (*цIакъго севералдехунисеб бакIалъул*); **~ моро́з** арктикаялъул квач

АРМАТУ́РА *ж* арматура (1 *собир. кинаб бугониги аппараталъул, машинаялъул ва ц. приборал, къайи-алат;* 2 *маххбетоналъул чармилаб аслу*)

АРМАТУ́РН//ЫЙ, -ая, -ое арматураялъул; арматураялъе хIалтIизабулеб; **~ое желе́зо** арматураялъул маххе

АРМАТУ́ РЩИК *м* арматурщик (*арматураялъул устар*)

АРМЕ́ЕЦ *м* рагъухъан, аскарияв, армеец

АРМЕ́ЙСКИЙ, -ая, -ое армиялъул(аб), аскарияб

А́РМИЯ *ж* армия, аскар; **росси́йская а́рмия** Россиялъул армия; **та́нковая ~** танказулаб армия

АРМЯ́ НЕ *мн*. эрмениял, эрмени халкъ

АРМЯНИ́ Н *м* эрменияв

АРМЯ́ НКА *ж* эрменияй

АРМЯ́НСКИЙ, -ая, -ое эрмениялъулаб; эрмениязул, эрмениязулаб; **~ язы́ к** эрмени мацI

А́РОК *род. п. мн. от* **а́рка**

АРОМА́Т *м* гьуинмахI, берцинмахI

АРОМАТИ́ ЧЕСКИЙ, -ая, -ое, **арома́тный**, -ая, -ое, **арома́тный**, -ая, -ое гьуинмахIаб, махI гьуинаб, махI берцинаб; **аромати́ ческие вещества́** махI берцинал жал; **аромати́ческий ликёр** махI берцинаб ликёр; **арома́тный чай** махI берцинаб чай

АРСЕНА́Л *м* арсенал (1 *воен. яргъил склад; ярагъ гьабулеб бакI;* 2 *уст. нахърател*)

АРТА́ЧИТЬСЯ *несов. разг*. 1) (*о лошади*) мутIигIлъунгутIизе, данде чIезе *(рекIарасда, гьокочиясда ва ц.)* 2) (*упрямиться*) разилъунгутIизе, рекъонгутIизе, малъараб (абураб) гьабунгутIизе; гIамаликълъизе, мекълъизе

АРТЕЗИА́НСКИЙ, -ая, -ое артезианалъулаб, артезиан (*насос гьечIого, хIалуциналь лъим кьабизе гьабураб*); **~ коло́дец** артезиан гъуй

АРТЕ́ЛЬ *ж в разн. знач*. артель (*цадахъ хIалтIизе цого махщалил гIадамаз, къотIиялда рекъон, гьабураб цолъи*); **сельскохозя́йственная ~** росдал магIишаталъул артель; **~ гру́зчиков** къайи баччулел чагIазул артель

АРТЕ́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое артелалъулаб, гIахьалаб, дандбараб; **~ уста́в** артелалъул устав

АРТЕРИА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое артериялъулаб; **~ая кровь** артериялъусан хьвадулеб би

АРТЕРИОСКЛЕРО́З *м мед*. артериосклероз

АРТЕ́РИЯ *ж* 1) *анат*. артерия (*рекIелъан лугбузулъе би кьабулеб бидурихь*) 2) *перен.* улкаялъе цIикIкIун кIвар бугел нухал (*маххул, лъадал нухал, гуми хьвадулел гIорал*); **во́дные ~и страны́** улкаялъул лъел нухал

АРТИ́ КУЛ *м* (*тип товара*) къайидул тайпа

АРТИКУЛЯ́ ЦИЯ *ж лингв*. артикуляция, махраж бахъи

АРТИЛЛЕРИ́ ЙСК//ИЙ, -ая, -ое артиллериялъулаб; гIарадаялъул/аб/; **~ие снаря́ ды** гIарадаялъул гулби

АРТИЛЛЕРИ́ СТ *м* артиллерист, гIарадачи, артиллериялда вугев рагъухъан

АРТИЛЛЕ́РИЯ *ж* артиллерия (1 *собир. батIи-батIиял тайпабазул гIарадаби;* 2 *артиллериялда хъулухъ гьабулел аскарал;* 3 *гIарадабазул хIакъалъулъ бугеб гIелму*)

АРТИ́ СТ *м* 1) артист 2) *перен*. махщелчи, искусствоялде машгъулав чи, *гьелъие* гьунар бугев чи; **~ своего́ де́ла** жиндирго ишалъул артист, кIудияв махшалилав

АРТИСТИ́ ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое 1) артистасулаб 2) *перен.* махщалилаб, кIудияб махщалида гьабулеб; **~ая рабо́та** кIудияб махщалида гьабулеб хIалтIи

АРТИ́ СТКА *ж* артистка

АРТОБСТРЕ́Л *м* гIарада бай, гIарадаби кьвагьи

А́РФА *ж муз*. арфа (*музыкалияб алат*)

АРФИ́ СТКА *ж* арфистка (*арфа хъвалей гIадан*)

АРХАИ́ ЗМ *м* архаизм (1 *басралъараб жо, некIсияб хутIел;* 2 *лингв. некIсияб, нагагьци хIалтIизабулареб рагIи, каламалъул сверел, грамматикияб форма*)

АРХАИ́ ЧЕСКИЙ, -ая, -ое некIсияб, басралъараб; цебесеб заманалъе хасиятаб

АРХАИ́ ЧНЫЙ, -ая, -ое некIсияб, басралъараб; некIсиялъул хасиятал ругеб

АРХЕО́ЛОГ *м* археолог (*археология гIелмуялъул специалист*)

АРХЕОЛОГИ́ ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое археологиялъулаб; **~ая экспеди́ ция** археологиялъулаб экспедиция

АРХЕОЛО́ГИЯ *ж* археология (*нахъе цIунун хутIарал асаразде балагьун, некIсиял халкъазул рукIа-рахъин ва культура лъазабулеб гIелму*)

АРХИ́ В *м* архив (1 *цебе заманалъул документал ва хъварал жал цIунулеб идара, учреждение;* 2 *кинаб букIаниги идараялъул яги чиясул нахъе лъун цIунарал квераль хъварал хIалтIаби, суратал, документал ва гь. ц.*)

АРХИВА́РИУС *м* архивариус (*архивалъул хIалтIухъан; архив цIунулев чи*)

АРХИВИ́ СТ *м* архивист (*архивазул специалист*)

АРХИ́ ВН//ЫЙ, -ая, -ое архивалъулаб, архивалъул; **~ые докуме́нты** архивалъулал документал

АРХИЕПИ́ СКОП *м* архиепископ, кIудияв кашиш (*епископасдаса эхедегIанав, митрополистасдаса гьоркьегIанав*)

АРХИЕРЕ́Й *м* архиерей (*тIадегIанал чиназул рухIаниязул гIаммаб цIар*)

АРХИМАНДРИ́Т *м* архимандрит (*иеромонахасул, монастыралъул начальникасул тIадегIанаб цIар*)

АРХИПЕЛА́Г *м геогр*. архипелаг (*цоцада аскIор ругел чIинкIиллъаби*)

АРХИТЕ́КТОР *м* архитектор (*минаби ва ц. ралел бакIазул иш лъалев, проект бахъулев специалист*)

АРХИТЕКТУ́РА *ж* архитектура (*минаби ва ц. раялъул гIелму, рукъзал ва ц. раялъул махщел, къагIида*)

АРХИТЕКТУ́РН//ЫЙ, -ая, -ое архитектурияб; **~ые па́мятники** архитектуриял памятникал

АРШИ́Н *м уст*. гIаршун (*7I сантиметр*) ◊ **ме́рить всех на свой ~** жиндирго роцада рорцине

АРШИ́ННЫЙ, -ая, -ое гIаршуналъул, гIаршун халалъи бугеб

АРЫ́К *м* лъадал рахъ, лъим бачараб рахъ

АРЬЕРГА́РД *м воен*. арьергард (*сапаралъ унеб аскаралъул аслиял къуватаздаса хадуб букIунеб бутIа*)

АРЬЕРГА́РДНЫЙ, -ая, -ое арьергардалъулаб, арьергардалъул; **~ бой** арьергардалъул рагъ

АС *м* ас (*самолет бачине бергьун цIикIкIараб махщел бугев летчик*)

А́СБЕСТ *м мин*. асбест (*батIи-батIиял цIа рекIунарел жал гьарулеб хъахIаб кьералъул минерал*)

А́СБЕСТОВЫЙ, -ая, -ое асбесталъул

АСИММЕТРИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое, **асимметри́чный**, -ая, -ое симметрия гьечIеб (*тIубаралъул бутIаби цоцалъ пропорционалиял гьечIеб, дандритIун рекъон гьечIеб*)

АСИММЕТРИ́Я *ж* асимметрия (*симметрия гьечIолъи*)

АСКАРИ́ДА *ж* аскарида, цунтур, цIанлъара (*чохъониб лъугьунеб хIут1)*

АСКЕ́Т *м* аскет (*дуниял рехун тарав, дуниялалде мугъ рехарав, къваридаб гIумруялда живго жиндаго вукIунев чи*)

АСКЕТИ́ЗМ *м* аскетизм, аскетлъи

АСКЕТИ́ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое аскетлъиялъулаб, аскетасулаб; **~ая жизнь** аскетасулаб гIумру

АСКОРБИ□НОВ//ЫЙ, -ая, -ое: **~ая кислота́** *хим*. аскорбиналъул кислота

АСПЕ́КТ *м* аспект, бербалагьи; рахъ; **в этом ~е** гьеб рахъалъ; **под други́м ~ом** цогияб рахъалъ

А́СПИД *м* аспид (1 *загьруял борхьазул цо тайпа;* 2 *бран. цIидалав, ракI хъубав чи;* 3 *мин. гъатахараб минерал, грифелалъул хъарщал гьарулеб чIегIераб кьералъул сланец*)

АСПИРА́НТ *м* аспирант (*вузалда, гIелмияб цIех-рехалъул институталда гIелмияб даражаялъе, гIелмияб цIар босизе хIадурлъулев чи*)

АСПИРА́НТКА *ж* аспирантка (*вузалда, гIелмияб цIех-рехалъул институталда гIелмияб даражаялъе, гIелмияб цIар босизе хIадурлъулей гIадан*)

АСПИРАНТУ́РА *ж* аспирантура (*аспирантал хIадур гьарулеб институт*)

АСПИРИ́Н *м мед*. аспирин (*унтидал чорхол цIа гIодобе ккезабиялъе хIалтIизабулеб дару*)

АССАМБЛЕ́Я *ж* ассамблея (*гIаммаб данделъи*); **Генера́льная Ассамбле́я Организа́ции Объедине́нных На́ций** Цолъарал Миллатазул Организациялъул Генералияб Ассамблея

АССЕНИЗА́ТОР *м* ассенизатор (*ассенизациялъул специалист*)

АССЕНИЗАЦИО́ННЫЙ, -ая, -ое ассенизациялъулаб

АССЕНИЗА́ЦИЯ *ж* ассенизация (*санитариял тадбиразул система ва шагьаралъул хъубал лъинал рацIцIад ва зарал гьечIелъун гьарулеб механизм*)

АССИГНА́ЦИЯ *ж* ассигнация, кагъатгIарац

АССИГНОВА́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **ассигнова́ть**) гIарац биччай **2.** биччараб гIарац (*гьелъул къадар*)

АССИГНОВА́ТЬ *сов. и несов. что* гIарац биччазе, харж гьабизе (*цо щибалиго ишалъе*)

АССИМИЛИ́РОВАТЬ *сов. и несов*. жиндаго релъдъинабизе

АССИМИЛИ́РОВАТЬСЯ *сов. и несов.* релъдъараблъун лъугьине

АССИМИЛЯ́ЦИЯ *ж* **1.** (*по гл.* **ассимили́ровать**) ассимиляция, жиндаго релъдъинаби **2.** (*по гл.* **ассимили́ роваться**) ассимиляция, релъдъараблъун лъугьин **3.** *лингв*. ассимиляция (*цо гьаракь цоги гьаракьалда релъдъинаби*); **~ зву́ков** гьаркъазул ассимиляция, гьаркъал цоцада релъдъараллъун лъугьин

АССИСТЕ́НТ *м* ассистент (1 *профессорасда, врачасда ва ц. цадахъ гьезул кумекчилъун хIалтIулев чи; живго жиндаго чIун гурев, цогиясул кумекалдалъун иш гьабулев гIелмияв хIалтIухъан;* 2 *хIалбихьиязда аслияв хIалбихьи гьабулев чиясул кумекчи*)

АССИСТЕ́НТКА *ж* ассистентка

АССИСТЕ́НТСК//ИЙ, -ая, -ое ассистентасулаб, ассистентасул; **~ие обя́занности** ассистентасул борч, ассистентасул тIадал ишал

АССИСТИ́РОВАТЬ *несов. кому* ассистентлъи гьабизе, кумек гьабизе

АССОРТИМЕ́НТ *м* ассортимент (*къайидул батIи-батIиял сортал*); **~ кра́сок** релъабазул ассортимент; **широ́кий ~ товаров** къайиялъул батIи-батIияб ассортимент

АССОЦИА́ЦИЯ *ж* 1) ассоциация; цого тайпаялъул хIалтIул гIадамазул цолъи́, союз; гьалмагъльи; **~ нау́чных рабо́тников** гIелмиял хIалтIухъабазул цолъи́ 2) *психол*. ассоциация, хурхен буголъи; **~ по схо́дству** релъдъеналдалъун лъугьараб хурхен

АССОЦИИ́РОВАТЬ *сов. и несов. что* хурхен букIине, хурхен лъугьине; хурхен лъугьинабизе

АССОЦИИ□РОВАТЬСЯ *сов. и несов. с кем-чем* хурхен (бухьен) лъугьине

АСТЕНИ́Я *ж мед.* астения (*организм загIиплъи, хIалдагьлъи*)

АСТЕРО́ИД *м астр.* астероид (*бакъуда сверун сверулеб гьитIинаб планета*)

АСТИГМАТИ́ЗМ *м мед*. астигматизм (*оптикиял цIурдузул яги беразул гIунгутIи*)

А́СТМА *ж мед*. астма (*хIухьел цIазе захIмалъулеб унти*); **серде́чная ~** рекIел астма; **бронхиа́льная ~** гьуърузул мащабазул астма

АСТМАТИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое астмаялъулаб; **~ ка́шель** астмаялъулаб хъеГди (*астма сабаблъун хIалцен бачIин*)

А́СТРА *ж бот.* астра (*тIегьалда цIар*)

АСТРО́ЛОГ *м* астролог, нужумчи (*астрологиялда тIад хIалтIулев чи*)

АСТРОЛО́ГИЯ *ж* астрология, нужумчилъи (*цIвабзазухъ, гьел ругел бакIазухъ балагьун, бачIунеб заманалда лъугьине бугеб жо цебеккун лъазе кIолилан абураб дагIбаялда тIад кьучI тIамураб цебе заманалъул цо пикру, "гIелму"*)

АСТРОНА́ВТ *м* астронавт, космонавт (*космосалде воржунев чи*)

АСТРОНА́ВТИКА *ж* астронавтика, космонавтика (*планетазда гьоркьоб бугеб пространствоялда роржунел аппаратазул ва роржиналъул гIелму*)

АСТРОНО́М *м* астроном (*астрономия лъалев чи*)

АСТРОНОМИ́ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое астрономиялъулаб; **~ие прибо́ры** астрономиялъулал приборал ◊ **~ие ци́фры** хIисаб гьечIого кIудиял цифраби (рикIкIенал)

АСТРОНО́МИЯ *ж* астрономия (*зодор ругел жалазул — бакъ-моцIалъул, цIвабзазул хIакъалъулъ бугеб гIелму*)

АСТРОФИ́ЗИК *м* астрофизик (*астрофизика лъалев гIалимчи*)

АСТРОФИ́ЗИКА *ж* астрофизика (*космосалъулал объектазулъ (цIва, бакъ, моцI, планета, астероид, комета ва ц.), гьезул системабазулъ лъугьунел физикиял хиса-басиязул, химиялъулал процессазул хIакъалъулъ бугеб астрономиялъул бутIа*)

АСТРОФИЗИ□ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое астрофизикияб; **~ие наблюде́ния** астрофизикиял халгьабиял

АСФА́ЛЬТ *м* асфальт, хъил

АСФАЛЬТИ́РОВАНИЕ *с* (*по гл.* **асфальти́ровать**) асфальт тIей, хъил тIей; **~ у́лиц** къватIазде хъил тIей, къватIазде асфальт тIей

АСФАЛЬТИ́РОВАТЬ *сов. и несов. что* асфальт тIезе, хъил тIезе; **~ доро́гу** нухалде асфальт тIезе, нухалде хъил тIезе

АСФА́ЛЬТОВ//ЫЙ, -ая, -ое асфальталъулаб, асфальталъул, хъилалъул; **~ые доро́ги** асфальталъул (асфальт тIурал) нухал

АТАВИ́ЗМ *м биол.* атавизм, некIсияб хутIел (*цIакъго некIсиял умумузулъ рукIарал гIаламатал, хасго сакъатлъи, гьезул наслуялъулъ загьирлъи*)

АТАВИСТИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое атавизмалъулаб

АТА́КА *ж прям., перен*. гьужум

АТАКОВА́ТЬ *сов. и несов. кого-что* гьужум гьабизе; лъидениги - *сунденигu* тIаделъизе

АТАМА́Н *м* 1) *ист.* атаман (*къокъадул бетIер, казаказул боязда рагъул ва хIакимлъиялъул батIи-батIиял хъулухъазул цIар)* 2) (*главарь*) хъачагъазул бетIер

АТЕИ́ ЗМ *м* атеизм (*аллагь гьечIолъи, аллагь вукIиналда инкар гьаби*)

АТЕИ́СТ *м* атеист, аллагьгьечI (*аллагь вукIиналда инкар гьабулев чи*)

АТЕИСТИ́ ЧЕСКИЙ, -ая, -ое атеистияб, атеизмалъулаб

АТЕЛЬЕ́ *с нескл*. ателье (1 *художникасул мастерская;* 2 *ре*

АТИПИ́ЧНЫЙ –ая, -ое сунданиги релълъинчIеб, батIияб, гIадатияб гуреб *мIел букъулеб ва ц. мастерская*)

А́ТЛАС *м* атлас (1 *географиялъул картабазул мIехь;* 2 *хIайваназул, хурдузул ва ц. суратал данде гьарураб мIехь*)

АТЛА́С *м* (*ткань*) гIатIлас (*цояб рахъги цIвакараб чиллайдул ххам*)

АТЛА́СН//ЫЙ, -ая, -ое *прям., перен*. гIатIласалъул; **~ое пла́тье** гIатIласалъул гурде; **~ая ко́жа** гIатIлас гIадаб хъал, гIатIлас гIадаб тIом

АТЛЕ́Т *м* атлет (1 *атлетикаялъул махщелчи: векерухъан, гугарухъан, штангист ва ц.;* 2 *чорхолъ бергьараб къуват бугев чи*)

АТЛЕ́ТИКА *ж спорт*. атлетика (*батIи-батIиял спорталъулал упражнениял*); **тяжёлая ~** бакIаб атлетика (*штангал рорхи, гиря борхи …*)

АТЛЕТИ́ ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое атлетикияб, атлетасулаб; **~ое телосложе́ние** атлетасулаб лага-черх, (атлетасул гIадаб лага-черх)

АТМОСФЕ́Р//А *ж* 1) (*воздушная оболочка*) атмосфера *(воздух)* гьава 2) *физ. тех.* атмосфера, газ тайпаялъул жалазул тIадецуялъул роцен 3) *перен.* ахIвал-хIал: **в ~е дру́жбы** гьудуллъия-лъул ахIвал-хIалалда, гьудуллъиялда

АТМОСФЕ́РН//ЫЙ, -ая, -ое атмосфераялъул; **~ое давле́ние** атмосфераялъул тIадецуй

АТО́ЛЛ *м* атолл (*горалъул форма бугеб кораллалъулаб чIинкIиллъи*)

А́ТОМ *м* атом; **расщепле́ние ~а** атом биххизаби

А́ТОМНИК *м* атомник, атомчи (*атомияб энергиялъул гIелму лъалев, гьелдасан пайда босулев чи*)

А́ТОМН//ЫЙ, -ая, -ое атомалъул, атомалъулаб, атомияб; **~ая эне́ргия** атомияб энергия; **~ое ору́жие** атомияб ярагъ; **~ая бо́мба** атомияб бомба

АТОМОХО́Д *м* атомоход (*атомияб двигатель бугеб гама*)

А́ТОМЩИК *м* атомщик, атомчи

АТРИБУ́ Т *м* атрибут (1 *сундулниги букIине кколеб гIаламат;* 2 *грам. сипатияб рагIи, определение*)

АТРИБУТИ́ ВНЫЙ, -ая, -ое атрибутияб, сипатияб, определенияльулаб

АТРОФИ́РОВАННЫЙ, -ая, -ое бакъвараб, хIалтIулареб; **~ о́рган** бакъвараб лага

АТРОФИ́ РОВАТЬСЯ *сов. и несов*. бакъван ине, бакъвазе (*лага*)

АТРОФИ́ Я *ж* атрофия, бакъвай, хIалтIунгутIи (*лага*)

АТС (*автоматическая телефонная станция*) атс (*автоматияб телефоназул станция*)

АТТАШЕ́ *м нескл*. атташе (*цо хасал масъалабазул лъай бугев посольствоялъул, консульствоялъул хIалтIухъан*); **воéнный ~** рагъулав атташе; **торго́вый ~** дармилав атташе

АТТЕСТА́Т *м* аттестат (1 *цIалул заведение лъугIиялъул официалияб документ;* 2 *воен. хъулухъ гьаби баян гьабун кьолеб кагъат;* 3 *тайпаялъулаб хIайванальул лъугьараб, бачIараб бакI баян гьабулеб документ*); **~ о сре́днем образова́нии** гьоркьохъеб лъаялъул аттестат

АТТЕСТАЦИ□ОННЫЙ, -ая, -ое аттестациялъулаб; **~ая коми́ ссия** аттестациялъулаб комиссия

АТТЕСТА́ЦИЯ *ж* **1.** (*по гл.* **аттестова́ть**) аттестация, къимат кьей (*лъаялъе, хIалтIуе, гьунаралъе, махщалие*) **2.** (*отзыв*) аттестация (*лъикIлъи-квешлъи бицун, хъван кьураб къимат*)

АТТЕСТОВА́ТЬ *сов. и несов. кого-что* аттестация гьабизе, къимат кьезе

АТТРАКЦИО́Н *м* аттракцион (1 *циркалъул яги эстрадаялъул кIудияб асар гьабулеб номер;* 2 *гIадамал тира-сверулеб бакIалда аваданго хIухьбахъиялъе, ракIгъеялъе гIуцIараб конструкция*)

АУ́ *межд*. гьей, ле

АУДИе́НЦИ//Я *ж* тIаде къабул гьави, тIаде вачIине изну кьей; **дать** *кому-л*. **~ю** *щив вугониги* тIаде къабул гьавизе

АУДИ́Т *м* даран гьабулеб идараялъ гIарац хIалтIизабиялда хадуб хал кквей

АУДИТО́РИЯ *ж* аудитория (1 *лекцияби, докладал цIалулеб рукъ;* 2 *собир. лекциялъухъ, докладалъухъ ва ц. гIенеккулел чагIи*)

АУ́ КАТЬ *несов. разг*. гьей абун ахIдезе, леледизе, ахIи базе

АУКЦИО́Н *м* аукцион, къали кьабун, бичи; торг гьабун, къайи бичи (*гIемераб халкъалда гьоркьоб ахIун, цIикIкIун багьа кьурасе къайи бичи*); **прода́ть с ~а** аукционалдалъун бичизе, торг гьабун, бичизе

АУКЦИО́НН//ЫЙ, -ая, -ое аукционияб, торг гьабун, бичулеб, къали кьабун, бичулеб; **~ая прода́жа** торг гьабун, бичи, аукционияб бичи

АУ́ Л *м* росу

АУЛСОВе́Т *м* росдал совет

АУ́ ЛЬНЫЙ, -ая, -ое росдал

АФГА́НЕЦ *м* афганав (афгъанав)

АФГА́НКА *ж* афганай

АФГА́НСКИЙ, -ая, -ое афганазул, афганазулаб; **~ язы́ к** афган мацI

АФГА́НЦЫ *мн*. афганал

АФЁРА *м* хIилла, макру, ламартаб иш

АФЕРИ́СТ *м* хIиллачи, макручи, рекIкIчи (*гIадамал гуккун, тохлъизарун иш гьабулев чи*)

АФЕРИ́СТКА *ж* хIиллачIужу, макручIужу (*гIадамал гуккулей гIадан*)

АФИ□ША *ж* афиша (*спектаклалъул, концерталъул, лекциялъул ва ц. хIакъалъулъ къадазда чIвалеб чIахIа хъвараб лъазаби*)

АФИШИ□РОВАТЬ *сов. и несов. что* тIатун лъазабизе; къадазда чIван, лъазабизе

АФОРИ́ ЗМ *м* афоризм (*гъваридаб магIна бугеб, цо пикру бихьизабулеб къокъаб пасихIаб калам*)

АФРИКА́НЕЦ *м* африканав

АФРИКА́НКА *ж* африканай

АФРИКА́НСК//ИЙ, -ая, -ое Африкаялъул, африкаялъулаб; **~ие языки́** африкаялъулал мацIал

АФРИКА́НЦЫ *мн*. африканал

АФФЕ́КТ *м* ццидахин, хIал бачIин

АФФЕКТА́ЦИЯ *ж* хIадари, ххвелал гьари; тIабигIиял гуреб къула-ворхи

А́ФФИКС *м лингв*. аффикс (*рагIул суффиксалъул, префиксалъул ва инфиксалъул гIаммаб цIар*); **словообразова́тельный ~** рагIи лъугьинабулеб аффикс

АХ *межд*. 1) (*выражает удивление, восхищение*) огь, агь, вахI, вабабай, валалай; **ах, кака́я она́ краси́вая!** огь, долъул берцинлъи! 2) (*выражает боль, испуг*) огь, огьогьой, вай; **ах, как бо́льно!** огь, унтулеб бугеб куц! вай, унтулеб бугеб куц!

А́ХАТЬ *несов. разг*. 1) (*выражает удивление*) вахI бачине (*тамашалъун*) 2) (*при боли и т. п.*) агь, огь бачине, угьдизе; **по́лно ~, слеза́ми го́рю не помо́жешь** гIела, магIица кьварилъиялъе кумек гьабуларо (гIемер гIодунилан, хварав вахъунарев)

АХИЛЛЕ́СОВ: **~а пята́** унтараб бакI, бищунго загIипаб бакI (*некIсиял греказул мифологиялда рекъон, Ахиллес абурав чиясул, хIатIил эгъе хутIун, цогидаб черх цIакъ щулияб, сунцаго асар гьабулареб букIарабила*)

АХИНЕ́//Я *ж разг.* чIанда, чIанда, магIна гьечIеб рагIи, чIалгIадисеб рагIи; **нести́ ~ю** чIанда бицине

А́ХНУТЬ *однокр. к* **а́хать**; **он и ~ не успе́л** дос агьанцин абун букIинчIо (цо рагIицин абун бахъун букIинчIо)

АХТИ́ *межд. разг.:* **не ~ како́й** гьедигIан цIакъаб гуреб; **не ~ како́й актёр** гьедигIан цIакъав актёр гурин; **не ~ как** гьедигIан цIакъ гуро

АЦЕТИЛе́Н *м хим*. ацетилен (*газ*)

АЦЕТИЛе́НОВЫЙ, -ая, -ое ацетиленалъул; **~ за́пах** ацетиленалъул махI

АЦЕТО́Н *м хим.* ацетон (*медицинаялда, техникаялда, гьединго лажбарал, релъаби жинда гъорлъ ришаризе хIалтIизабулеб кьер гьечIеб, хехго цIа рекIунеб лъамалъи*)

АЦЕТО́НОВЫЙ, -ая, -ое *хим.* ацетоналъул; **~ за́пах** ацетоналъул махI

АШУ́ Г *м* ашуг, халкъияв поэт-кочIохъан

АЭРО- "*авиациялъулаб*" *абураб магIна бугел журарал рагIабазулъ тIоцебесеб бутIа, мас.:* **аэроклуб, аэропорт**

АЭРОВОКЗА́Л *м* аэровокзал

АЭРОДИНА́МИКА *ж* аэродинамика (*гьаваялъул хьвадиялъул ва гьелда данде чIеялъул законаз бицунеб гIелму*)

АЭРОДИНАМИ́ ЧЕСКИЙ, -ая, -ое аэродинамикияб

АЭРОДРО́М *м* аэродром

АЭРОДРО́МНЫЙ, -ая, -ое аэродромалъул, аэродромалъулаб

АЭРОКЛУ́ Б *м* аэроклуб

АЭРОЛОГИ́ ЧЕСКИЙ, -ая, -ое аэрологияб

АЭРОЛО́ГИЯ *ж* аэрология (*атмосфераялъул тIадегIанал гъатазул хасиятазул хIакъалъулъ бугеб гIелму*)

АЭРОНАВИГА́ЦИЯ *ж* аэронавигация (*картаялдасан пайда босичIого, самолеталъул боржунеб нух лъазе кIолеб гIелму*)

АЭРОНА́ВТ *м* аэронавт, воржарухъан

АЭРОНА́ВТИКА *ж* аэронавтика (*гьаваялда роржанхъизе лъай, гьаваялда роржанхъиялъул гIелму*)

АЭРОПЛА́Н *м уст.* аэроплан

АЭРОПО́РТ *м* аэропорт

АЭРОСА́НИ *мн.* аэросани, аэрочанагъал (*техтероялъул кумекалдалъун хьвадулел чанагъал*)

АЭРОСТА́Т *м* аэростат (*гьавадул шар, гьаваялдаса тIадагьаб газалъул цIураб корпусги бугеб боржунеб аппарат*)

АЭРОФОТОСЪЁМКА *ж* аэрофотосъемка (*самолеталдасан ракьалъул суратал рахъи*)

АЯТОЛЛА́ *м* Ираналъул шигIитазул диниях бетIер

Б

Б *частица, то же, что* **бы** (*ахиралда рагьараб гьаракь бугел рагIабазда хадуб хвала*); **я б пое́хал** дунни инаан

БА *межд. разг.* ва; **ба! кого́ я ви́ жу!** ва! дида вихьулев щив!

БА́БА[1] *ж* 1) *уст.* (*замужняя крестянка*) росасе арай 2) *прост.* (*жена*) лъади 3) *прост.* (*женщина*) чIужугIадан 4) *ирон.* (*о мужчине*) цIукIа ◊ **ка́менная ~** гIадамасул ганчIил сурат; **сне́жная ~** гIазуясикIо, гIазувасикIо

БА́БА[2] *ж тех.* гьецIокъ (*ракьулъ къазабулеб хIубиялда тIад тункулеб, борхалъудасан дализабураб кIудияб бакIаб гьецIокъ*)

БА́БА[3] *ж кул.*: **ро́мовая ~** пирожноялъул цо тайпа

БА́БА-ЯГА́ *ж* хъарт (*маргьабалъ*)

БАББИ́ Т *м* (*сплав*) баббит (*чармил цо тайпа*)

БАББИ́ ТОВ//ЫЙ, -ая, -ое баббиталъул, баббиталъулаб; **~ые подши́пники** баббиталъул подшипникал

БА́Б//ИЙ, -ья, -ье *прост.* руччабазул, руччабазулаб; **~ий плато́к** руччабазул кIаз; **~ий го́лос** (*у мужчины*) чIужугIаданалъул гIадаб гьаракь; **~ье лицо́** (*у мужчины*) чIужугIаданалъул гIадаб гьумер ◊ **~ье ле́то** руччабазул рии (*цудунаб хаслихъляъялъул роцIарал хинал къоял*)

БА́БКА[1] *ж разг.* (*бабушка*) кIодо

БА́БК//А[2] *ж* 1) (*надкопытный сустав у животных*) хIайваназул щинкIилалда тIадехунисеб рищи 2) (*игральная кость*) бекI, гIалу; **игра́ в ~и** гIалаби хIай

БА́БНИК *м прост.* лоти, руччабазда хадув лъугьунев чи

БА́БОЧКА *ж* 1) *зоол.* кIалкIучI; **ночна́я ~** сардил кIалкIучI 2) *разг.* (*галстук*) бабочка (*кIалкIучIил формаялъул галстук*)

БА́БУШКА *ж* кIодо, кIудияй эбел, дахIабаба

БАГА́Ж *м* багаж (1 *бухьа-къан цадахъ босулеб яги битIулеб юк, къайи;* 2 *перен. лъаялъул дараже)*

БАГА́ЖНИК *м* багажник (*велосипедалда, мотоциклалда, автомобилалда ва ц. нахъа къайи лъолеб бак1)*

БАГА́ЖНЫЙ, -ая, -ое багажалъул; **~ ваго́н** багажалъул вагон (багаж лъолеб вагон)

БАГЕ́Т *м* багет (*рамкаби, карнизал гьаризе хIалтIизабулеб чIедераб хъорщол чIоло, планка*)

БАГО́Р *м халатаб гIералда тIогьиб чIвараб* гъармахъ, гьанцIа

БАГРОВЕ́ТЬ *несов.* билбагIарлъизе, багIарлъизе

БАГРО́В//ЫЙ, -ая, -ое билбагIараб, багIараб; **~ое лицо́** билбагIараб гьумер; **~ый зака́т** тIерхьун унеб бакъул чIораз багIарлъизабураб зодил кесек, къасибагIар

БАГРЯ́ НЕЦ *м* билбагIараб кьер; багIарлъи

БАГРЯ́ НЫЙ, -ая, -ое билбагIараб

БАГУ́ ЛЬНИК *м* багульник (*хьуцIилъ бижулеб даим гIурчинаб бетIер сверизабулеб махI бугеб загьруяб хер*)

БАДМИНТО́Н *м* бадминтон (*спорталъулал хIаязул цо тайпа*)

БАДЬЯ́ *ж* цIулал ведро

БА́З//А *ж* 1) *архит.* кьучI 2) (*основа*) база, кьучI; **экономи́ческая ~а** экономикияб база 3) (*место хранения товаров*) база, склад; **получи́ть това́ры на ~е** базаялдаса къайи босизе 4) (*учреждение по обслуживанию кого-чего-л.*) база; **тури́стская ~а** туристазул база 5) *воен.* база; **боево́-возду́шная ~а** гьавадул рагъулаб база, рагъулаб авиациялъул база; **боево́-морска́я ~а** рагъулаб флоталъул база

БАЗА́ЛЬТ *м* базальт (*вулканалдасан лъугьараб гамачI, чарангьецIо*)

БАЗА́ЛЬТОВЫЙ, -ая, -ое базальталъул, чарангьецIол

БАЗА́Р *м* базар; **кни́жный ~** тIахьазул базар; **что э́то за ~!** гьаб щиб базар! **пти́чий ~** хIанчIазул базар (*арктикаялда ралъдал рагIаллъабазда ва рорхалъабазда цIакъ гIемерал хIанчIи данде ракIарараб бак1)*

БАЗА́РН//ЫЙ, -ая, -ое базаралъул; **~ день** базаркъо; **~ая пло́щадь** базаралъул майдан

БАЗИ́ РОВАНИЕ *с* 1. (*по гл.* **базировать**) 1) кьучIлъун гьаби 2) база гьаби 2. (*по гл.* **базироваться**) 1) кьучIлъун букIин 2) базалъун хIалтIизаби

БАЗИ́ РОВАТЬ *несов. что на чем* базалъун гьабизе, *цо бакI* кьучIлъун гьабизе, кьочIое босизе; **~ промы́шленность на ме́стном сырье́** бакIалъулаб сырье промышленносталъул базалъун гьабизе

БАЗИ́ РОВАТЬСЯ *несов. на чем* кьучI тIамизе, кьучIлъун лъугьине; базалъун букIине

БА́ЗИС *м* 1) *см.* база I, 2 2) *эк. филос.* базис (*надстройка ялъе кьучIлъун ругел общественныял бухьенал цойида данделъи*)

БА́ЗИСНЫЙ –ая, -ое аслуяб, аслияб, кьучIаб

БА́ЗОВЫЙ –ая, -ое аслуяб, аслияб, кьучIаб

БАЙ *м ист.* бай (*Гьоркьохъеб Азиялда ракь гIемерав, гIибоцIи гIемерав бечедав чи*)

БАЙДА́РКА *ж* байдарка (*спорталъулаб чIедераб раса*)

БА́ЙКА *ж* измур, байка

БА́ЙКОВ//ЫЙ, -ая, -ое измур гIадаб, измуралъулаб; тIаде рас бахъараб; **~ое одея́ло** тIаде рас бахъараб одеял

БАК[1] *м* бак (*лъамалъи жанибе тIолеб, тIалъелги лъолеб махъул къали*); **~ для кипяче́ния белья́** бусадул къайи гьализабулеб бак; **~ для воды́** лъим тIолеб къали (бак)

БАК[2] *м мор.* бак (*гамил тIасияб палубаялъул кIалаб (бетIераб) рахъ)*

БАКАЛЕ́ЙН//ЫЙ, -ая, -ое бакъалалъул, бакъал бичулеб; **~ые това́ры** бакъалалъул къайи

БАКАЛЕ́Я *ж собир.* бакъалалъул къайи (*чай, чакар ва ц.*); бакъал тукен

БА́КЕН *м* бакен (*тIиналда гама хъваялда хIинкъи бугеб бакI бихьизабизе якоралда тIад босун чIезабураб кIудияб бочка гIадаб жо*)

БАКЕНБА́РД//Ы *мн.* (*ед.* **~а** *ж*) бакенбардал, нилъуги кIкIван, кIибикьизабураб мегеж

БА́КЕНЩИК *м* бакеназул хал гьабулев чи

БАКЛАЖА́Н *м* баклажан, бадиржан

БАКЛАЖА́ННЫЙ, -ая, -ое баклажаналъул, бадиржаналъул; **~ая икра́** баклажаналъул икра, бадиржаналъул икра

БАКЛУ́ ШИ: ◊ **бить ~** *разг.* гIомо борлъизе, гьабизе жо гьечIого, вукIине; кепалда заман тIамизе

БАКТЕРИА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое бактериялъулаб; **~ые я́ды** бактериялъулал загьраби

БАКТЕРИО́ЛОГ *м* бактериолог (*бактериологиялъул специалист*)

БАКТЕРИОЛОГИ□ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое бактериологиялъулаб; **~ая война́** бактериологиялъулаб рагъ (бактерияз гIадамал гъурулеб рагъ)

БАКТЕРИОЛО́ГИЯ *ж* бактериология (*бактериязул хIакъалъулъ гIелму*)

БАКТЕРИЦИ́ Д *м* бактерицид (*бактерия хвезабулеб жо*)

БАКТЕРИЦИ́ ДНЫЙ, -ая, -ое бактерия чIвалеб, бактерия хвезабулеб

БАКТЕ́РИЯ *ж* бактерия (*микроскопалдалъун гурони бихьизе кIолареб чIаголъи, микроб*)

БАЛ *м* бал (*кIудияб кьурдабазул вечер*) ◊ **ко́нчен** ~ бал лъугIана, иш лъугIана, ахир ккана, вассалам

БАЛАГА́Н *м* балаган (*ярмаркаялда дармие, гIадамал жанир чIезе ва ц. заманалъе гьабураб цIулал гьитIинабго рукъ*)

БАЛАГУ́ Р *м разг*. масхарачи, ихтилатчи

БАЛАГУ́ РИТЬ *несов. разг*. масхараялда гаргадизе, ихтилат гьабизе

БАЛАЛА́ЕЧНИК *м* балалайкачи

БАЛАЛА́ЙКА *ж* 1) балалайка (*лъабго чIва бугеб лъабокIонаб музыкаялъул алат*) 2) *перен*. гIемер гаргадулев чи

БАЛАМУ́Т *м разг*. цо хIалалда чIоларев, гьоркьоблъи бигъинабулев чи

БАЛАМУ́ ТИТЬ *несов. разг*. 1) *что* хIабургъинабизе; ~ **во́ду** лъим хIабургъинабизе 2) *кого перен*. гьоркьоб рихха-хочи ккезабизе

БАЛА́НС *м фин*. 1) баланс (*тIаде бачIаралъулги тIаса аралъулги гьоркьоблъи бихьизабулеб хIисаб*); **акти́ вный** ~ активияб баланс *(тIаса иналдаса тIаде бачIин цIикIкIараб, къватIиса босулелдаса къватIибе бичулеб цIикIкIараб*); **пасси́ вный** ~ пассивияб баланс (*тIаде бачIиналдаса тIаса ин цIикIкIараб, къватIибе бичулелдаса къватIиса босулеб цIикIкIараб*) 2) (*сводная ведомость*) баланс (*харж гьабурабги тIаде бачIарабги гIарцул хIисаб бихьизабулеб ведомость*); **годово́й** ~ лъагIалил баланс

БАЛАНСЁР *м* палугьан, кваридасан хьвадулев чи

БАЛАНСИ́ Р *м* (*шест*) гIер (*палугьанасул*) 2) *тех*. балансир, могоро (*хасаб*) 3) (*в часах*) балансир (*сагIтазул хьвади рекъезабулеб*)

БАЛАНСИ́ РОВАТЬ *несов*. 1) (*удерживать равновесие*) черх рахъ-рахъалде гьетIаризабун, вортичIого къаркъала битIун кквезе; кIиябго рахъ бащад цIунизе 2) *что фин*. баланс гьабизе (*сундулниги*)

БАЛА́НСОВЫЙ, -ая, -ое *фин*. балансалъулаб; ~ **отчёт** балансалъулаб отчет

БАЛАХО́Н *м* гIатIидаб, халатаб халгIат; квешго букъараб ретIел

БАЛБЕ́С *м прост*. бичIчIигьечI, гьунаргьечI

БАЛДА́ 1) *ж* (*большой молот*) гьецIокъ 2) *м, ж бран.* ахIмакъ, гIакълугьечI, гIантав чи

БАЛДАХИ́Н *м* хIубазда тIад бараб чIухIараб ххамил тIадхъел (*мас. кроваталда, табуталда, пачаясул тахалда*)

БАЛДЕ́ТЬ *несов. разг.* хIайранлъизе, цIакъ кеп гьабизе; кепалда заман инабизе

БАЛЕРИ́ НА *ж* балерина (*балеталъул артистка*)

БАЛЕ́Т *м* балет (1 *театралияб кьурдиялъул искусство;* 2 *театралияб кьурдиялъе хъвараб асар;* 3 *театралияб кьурдиялъул цебебахъин, представление*)

БАЛЕТМЕ́СТЕР *м* балетмейстер (*балеталда кьурди гIуцIулев чи, балеталда кьурди малъулев чи*)

БАЛЕ́ТН//ЫЙ, -ая, -ое балеталъул, балеталъулаб; **~ая шко̀ла** балеталъул школа

БА́ЛКА[1] *ж* ункъбокIонаб чIалу, хIуби, квен; **потоло́чная** ~ чIалу, мукърукь чIалу

БА́ЛКА[2] *ж* (*овраг*) халатаб кIкIал, хъитI, гомоглъи

БАЛКА́РЕЦ *м* балкарав

БАЛКА́РКА *ж* балкарай

БАЛКА́РСКИЙ, -ая, -ое балкаразул; ~ **язы́ к** балкар мацI

БАЛКА́РЦЫ *мн*. балкарал

БАЛКО́Н *м* 1) *архит*. балкон, рагъи 2) балкон (*театралда сценаялда дандритIун ругел тIасиял гъатал*)

БАЛКО́НН//ЫЙ, -ая, -ое балконалъул, балконалъулаб; рагъидул; **~ая дверь** рагъидул нуцIа, балконалъул нуцIа

БАЛЛ *м* балл (1 *тIабигIияб лъугьа-бахъиналъул: гьорол, ракь багъариялъул ва ц. даража ва къват чIезабулеб роцен;* 2 *цIалиялъулъ, спорталъулъ ва ц. бугеб бажариялъухъ балагьун кьолеб къиматалъул роцен*)

БАЛЛА́ДА *ж* баллада (*лит. жанр, тарихияб, гIемерисеб мехалъ, легендаялъулаб темаялда кочIодалъун хъвараб асар*)

БАЛЛА́СТ *м* балласт (1 *гамил бакIлъи цо ккураб роцада цIунизе лъолеб юк;* 2 *ав. аэростаталъул роржадул борхалъи рекъезабизе гьелда лъолел салул цIурал къандалъаби;* 3 *ж.-д. маххул нухалда шпалал цIулалъиялъе балеб гъегъ, чабах ялъуни сали;* 4 *перен. къваригIел гьечIеб гьир, авара*)

БАЛЛИ́СТИКА *ж воен*. баллистика (*гIарададул гулла гьаваялдасан унеб куц бицунеб гIелму*)

БАЛЛО́Н *м* баллон (1 *лъамалъи ялъуни газ жаниб цIунулеб кIал къваридаб кIудияб ргI, гиби, шиша;* 2 *автомобилалъул ва ц. резиналъул бер*)

БАЛЛОТИ́ РОВАТЬ *несов. кого-что* гьаркьие лъезе (*рищиялда*); гьаракь кьезе, *щивниги* вищизе рищиялъул бюллетень рехизе

БАЛЛОТИ́ РОВАТЬСЯ *несов*. гьаркьие лъуравлъун вукIине, жив вищулевлъун вукIине

БАЛЛОТИРО́ВКА *ж* (*по гл.* **баллоти́ ровать**) гьаркьие лъей, рищи

БА́ЛОВАНН//ЫЙ , -ая, -ое *разг.* гогьдаризавурав; **~ая де́вочка** гогьдаризаюрай яс

БАЛОВА́ТЬ *несов*. 1) *кого* гогьдаризавизе 2) *прост. см.* **баловáться**

БАЛОВА́ТЬСЯ *несов. разг*. (*шалить*) гогьдаризе, расандизе; кепалъе, рекIелгъеялъе *щибниги* жо гьабизе

БА́ЛОВЕНЬ *м* гогьдаризавурав, бокьухъе виччан тарав; ~ **судьбы** талихI бугев, талихIав, къисматалъ гогьдаризавурав

БАЛОВНИ́ К *м* гогьдарулев чи, гогьав, гогьма

БАЛОВНИ́ ЦА *ж* гогьдарулей яс, гогьай, гогьма

БАЛОВСТВО́ *с* 1. (*по гл.* **баловáть**) гогьдаризави 2. (*по гл.* **баловáться**) гогьдари

БА́ЛОЧН//ЫЙ, -ая, -ое чIалабазул (кундузул), чIалабаз бараб; **~ое перекры́ тие** чIалабазул (кундузул) гьабураб тIокъ

БАЛЫ́ К *м* балык (*бакъвазабураб, кьеккинабураб цIамхIалаб багIараб ччугIа*)

БАЛЬЗА́М *м* бальзам (*эфиралъул нахги жубараб берцинаб махIги бугеб лъамияб пиц1)*

БАЛЬЗАМИ́ РОВАТЬ *несов. кого-что* дараби (бальзам) гьарун, хварав чиясул къаркъала, туризе течIого, цIунизе

БАЛЬНЕО́ЛОГ *м* бальнеолог (*бальнеология лъалев чи*)

БАЛЬНЕОЛОГИ́ ЧЕСКИЙ, -ая, -ое бальнеологиялъулаб, магIданиял лъиназдалъун дару гьабиялъул; ~ **куро́рт** бальнеологиялъулаб курорт

БАЛЬНЕОЛО́ГИЯ *ж* бальнеология (*магIданлъиназдалъун дару гьабиялъул гIелму*)

БА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое балалъулаб; **~ое пла́тье** балалъулаб ретIел, балалде ретIунеб ретIел (гурде)

БАЛЮСТРА́ДА *ж* балюстрада, бурдабазул хьури, бурди ккураб хьури (*щибниги бакI гьоркьоса къотIизе, батIа гьабизе*)

БАЛЯ́СЫ: **точи́ть** ~ *прост. щибниги* кепаб жо бицине; чIанда бицине

БАМБУ́ К *м* бамбук (*хинал бакIазда бижулеб жаниса гьодораб цIакъ щулияб бицатаб ва халатаб муцIи*)

БАМБУКО́В//ЫЙ, -ая, -ое бамбукалъулаб, бамбукалъул гьабураб; **~ая па́лка** бамбукалъул тIил

БА́МПЕР *м* бампер (*машинаялъул*)

БАНА́ЛЬНОСТЬ *ж* чIамучIлъи, лазат гьечIолъи, бошлъи, гьодорлъи (*пикруялъул*)

БАНА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое чIамучIаб, чIалгIараб, киназдаго лъалеб; чIобогояб, бошаб, гьодораб; **~ая мысль** чIамучIаб (чIалгIараб) пикру

БАНА́Н *м* (*растение и плод*) банан (*хинал улкабазда букIунеб гъветI, гьеб гъотIол пихъ*)

БАНА́НОВЫЙ, -ая, -ое бананалъул, бананалъулаб; **~ый лист** бананалъул тIамах

БА́НДА *ж* банда, бандал, хъамалчагIи, хъачагъал, хъачагъазул къокъа; **~ граби́ телей** хъамалчагIазул къокъа

БАНДА́Ж *м* бандаж (1 *черхалъул цо-цо бакI букIине кколедухъ чIезабизе бухьунеб хасаб чIоло яги хасаб рачел; мас.: чехь къватIибе кIанцIулев чияс гьеб бакIалда тIад борчунеб хасаб рачел;* 2 *тех.* *гьакибурдузда тIад ралел горал*)

БАНДЕРО́ЛЬ *ж* бандероль (1 *почалда ритIулел жалазда тIад жемулеб кагътил гIебаб чIоло;* 2 *почалда битIизе гьедин жемун хIадур гьабураб жо;* 3 *къайиялда тIад гьелъухъ пошлина кьун букIин лъазе чIвараб кагътил чIоло*); **посла́ть кни́ги ~ю** тIахьал, бандероль гьабун, ритIизе

БАНДИ́ Т *м* бандит, хъачагъ, бандаялъул гIахьалъи

БАНДИТИ́ ЗМ *м* бандитлъи, хъачагълъи

БАНДИ́ ТСК//ИЙ, -ая, -ое бандазулаб, хъачагъазулаб; **~ая ша́йка** хъачагъазул руккел, къокъа

БАНДУ́ РА *ж* бандура (*украиназул пандур*)

БАНДУРИ́ СТ *м* бандурист, бандурачи

БАНК *м* 1) банк; **госуда́рственный ~** пачалихъалъулаб банк 2) *карт.* банк ◊ **держа́ть ~** кинабго гIарцуде (кон) хIазе

БА́НК//А[1] *ж* 1) банка; **консе́рвная ~** консервалъул банка 2) *мед.* банка; **поста́вить больно́му ~и** унтарасда банкаби чIезе

БА́НКА[2] *м мор.* банка (*ралъдал тIадгояб, гъварилъи дагьаб бак1)*

БА́НКА[3] *ж* (*скамья для гребцов*) банка (*росода раххназ раса бачунел чагIи гIодор чIолеб бак1)*

БАНКЕ́Т *м* банкет (*гIемерал чагIи ахIун гьабулеб рохалилаб гьоболлъи, квана-гьекъей*)

БАНКИ□Р *м* банкир (*банкалъул бетIергьан кIудияв бутIадул капиталист*)

БАНКИ□РСК//ИЙ, -ая, -ое банкиразулаб; **~ая конто́ра** банкиразулаб контора

БАНКНО́Т *м фин.* банкнот (*гIарцул бакIалда хIалтIизабулеб процент гьечIеб кредитияб банкалъул билет*)

БА́НКОВСКИЙ, -ая, -ое банкалъулаб, банкалъул; **~ слу́жащий** банкалъул хIалтIухъан; **~ капита́л** банкалъулаб капитал

БА́НКОВЫЙ, -ая, -ое банкалъулаб, банкалъул; **~ перево́д** банкалъулаб перевод; **~ биле́т** банкалъул билет

БАНКРО́Т *м* банкрот (1 *бугеб-гьечIеб жо кодоса ун, бецIизе кIолареб налъукье ккарав чи, хъаркIас, хъарцин;* 2 *перен. тIаде босараб жо тIубазабизе кIоларев чи*); **объяви́ ть себя́ ~ом** жив банкрот вукIин лъазабизе

БАНКРО́ТСТВО *с* банкротлъи (*налъи бецIизе кIоларевлъун лъугьин; идея, пикру биххи*)

БА́ННЫЙ, -ая, -ое хIамамалъул; **~ день** хIамамалъул къо, хIамамалде унеб къо; ◊ **приста́ть** *к кому-л.* **как ~ лист** *прост.* пицIил рукъилъун тIаделъизе, пицI гIадин, рекIун чIезе (рекIун вукIине)

БАНТ *м* бант (*гIебаб бухьараб чалу*)

БА́НЩИК *м* хIамамчи, хIамамалъул хIалтIухъан

БА́НЩИЦА *ж* хIамамчIужу, хIамамалъул хIалтIухъан

БА́НЯ *ж* хIамам, баня

БАР[1] *м* (*кафе*) бар (*эхетухъе квана-гьекъолеб гьитIинаб ресторан*)

БАР[2] *м метео.* бар (*атмосфераялъул тIадецуялъул роцен*)

БАРАБА́Н *м* 1) къали (*бухулеб*); **бить в ~** къали бухизе 2) *тех.* барабан (*машинабазда, механизмазда букIунеб жаниса гьодораб гургинаб михир, цилиндр*); **~ молоти́лки** лал тIамулеб машинаялъул барабан

БАРАБА́Н//ИТЬ *несов.* 1) къали бухизе; **~ить па́льцами по стеклу́** килщаца цIорода кIетIезе; **дождь ~ит по кры́ше** цIадаца тIохда къали бухулеб буго 2) *разг.* (*плохо играть на рояле*) цIакъ ва махщел гьечIого, рояль хъвазе

БАРАБА́НН//ЫЙ, -ая, -ое къолол, къололаб ◊ **~ая перепо́нка** *анат.* гIинзул пардав

БАРАБА́НЩИК *м* къолохъан

БАРА́К *м* барак (*заманалъе бараб хъорщол казарма*)

БАРА́Н *м* куй, хIоржо (*самец овцы*) ◊ **смотре́ть как ~ на но́вые воро́та** виххун балагьизе; **упёрся как ~** мекълъизе, тIирун чIезе, жиндирабго ккун чIезе

БАРА́Н//ИЙ, -ья, -ье 1) гIия́л; **~ий жир** гIиял беэнлъи 2) куйдул; **~ьи рога́** куйдул лълъурдул 3) (*из овчины*) къохьол; **~ий тулу́п** къохьол тIимугъ ◊ **согну́ть в ~ий рог** инжит гьавизе, гIазаб чIамизабизе, мутIигI гьавизе

БАРА́НИНА *ж* гIиял гьан

БАРА́НК//А *ж* 1) хъахIролъул ханждал бежараб гор; **свя́зка ~ок** горазул рухьен, читIир 2) *спорт. разг.*: **получи́ть ~у** ноль очко щвезе, цониги очко щунгутIизе 3) *перен. прост.* автомобилалъул руль; **сесть за ~у** рулалда нахъа чIезе, машина бачине

БАРАХЛ//И́ ТЬ *несов. разг.* чIемегIлъизе, жагъаллъизе; **се́рдце ~и́ т** ракI унтун буго, ракI чIемегIлъун (жагъаллъун) буго

БАРАХЛО́ *с собир. разг.* 1) басралъараб ретIел-хьит, къайи-къоно 2) *перен.* гIала-гъважа, пайда гьечIеб жо; пайда гьечIев чи

БАРА́ХТАТЬСЯ *несов. разг.* чIва-чIвадизе, вегухъе хьвагIезе, теркIезе; **~ в воде́** лъелъ чIва-чIвадизе

БАРА́Ш//ЕК *м* 1) (*ягненок*) кьегIер, хух 2) (*мех*) тахта; **воротни́ к из ~ка** тахтадул габур 3) *тех.* кIиго гIин бугеб гайка

БАРА́ШКИ *мн.* 1) (*облака*) бакI-бакIазде руссарал гIисинал накIкIал 2) (*гребни волн*) полпид росарал карачелал

БАРА́ШКОВ//ЫЙ, -ая, -ое (*о мехе*) кьагIрил, тахтадул; **~ая ша́пка** тахтадул тIагъур

БАРБАРИ́ С *м* соно

БАРБАРИ́ СОВЫЙ, -ая, -ое санидул

БАРДА́ *ж* хьецIел, аххакь (*гьекъел бахъун, хутIараб жо*)

БАРЕЛЬЕ́Ф *м* барельеф (*къватIибе цIутIизабун гьабураб сурат)*

БАРЕЛЬЕ́ФНЫЙ, -ая, -ое барельефияб, барельефалъулаб; **~ портре́т** барельефияб портрет

БА́РЖА *ж* баржа (*тIину битIараб кIудияб юк баччулеб гама*); **не́фтеналивна́я ~** нефть (чIегIернарт) жанибе тIолеб баржа

БА́РИЙ *м* барий (*хим. элемент, металл*)

БА́РИН *м* (*мн.* господа *и прост.* баре *и* бары) 1) *уст.* барин (*пачаясулаб Россиялда дворянин, чIахIиял ракьазул бетIергьан, помещик, рес бугеб тайпаялъул чи, интеллигент*) 2) *перен. разг.* чIегIер хIалтIуда квер хъваларев чи, кверхъахI ◊ **жить ~ом** рихьдае хьвадизе; **сиде́ть ~ом** тIатIала кверал лъун вукIине

БАРИТО́Н *м* баритон (1 *борхалъиялъул рахъалъ басалдаги теноралдаги гьоркьосеб бихьинчиясул гьаракь;* 2 *резил гьабураб музыкаялъул алат, баритон*)

БАРКА́С *м* баркас (1 *гIемерал раххназ бачунеб раса;* 2 *порталда хIалтIулеб гьитIинабго гама*)

БА́РМЕН *м* гьекъолел жал ричулеб бакIалъул бетIергьан; гьекъолел жал ричулев чи

БАРО́ККО *с иск.* барокко (XVI–XVIII *гIасрабазда скульптураялъул ва архитектураялъул чIухIараб стиль*)

БАРО́МЕТР *м* барометр (*гьаваялъул тIадецуй борцунеб алат*); **~ па́дает** барометр гIодобе унеб буго; **~ поднима́ется** барометр эхеде бахунеб буго

БАРОМЕТРИ́ ЧЕСКИЙ, -ая, -ое барометралъул(аб)

БАРО́Н *м* барон (*графасулалда гъоркьияб дворянасулаб титул*)

БАРОНЕ́ССА *ж* баронесса (*баронлъиялъул цIар бугей чIужугIадан*)

БАРРИКА́ДА *ж* баррикада (*къватIазда гьарулел рагъазе, батIи-батIиял жал тIатIала ран, гьабураб сангар, буцур*); **сража́ться на ~х** баррикадазда рагъизе

БАРРИКАДИ́ РОВАТЬ *несов. что* баррикада гьабизе

БАРРИКА́ДН//ЫЙ, -ая, -ое баррикадаялъулаб; **~ые бои** баррикадаялъулал рагъал

БАРС *м* цIиркъ

БА́РСК//ИЙ, -ая, -ое баринасул, баринасулаб; **~ие зама́шки** баринасулал рагъа-рашариял, гIамалал

БА́РСОВ//ЫЙ, -ая, -ое цIиркъил, цIиркъилаб; **~ая шку́ра** цIиркъил цIоко

БА́РСТВО *с* 1) (*изнеженность*) баринлъи, назуклъи; гьацлъи 2) (*высокомерие*) гIамалкIодолъи

БАРСУ́ К *м* бакьуч

БАРСУ́ Ч//ИЙ, -ья, -ье бакьучил; **~ьи но́ры** бакьучазул картIал (рукIнал)

БАРХА́Н *м авлахъалда* салул гохI

БА́РХАТ *м* къатIипа, махмар

БАРХАТИ́СТ//ЫЙ, -ая, -ое къатIипа гIадаб; **~ая ко́жа** къатIипа гIадаб тIом

БА́РХАТН//ЫЙ, -ая, -ое 1) къатIипадул, къатIипадулаб; **~ое пла́тье** къатIипадул гурде 2) *перен*. тамахаб, хIеренаб, берцинаб, къатIипадул гIадаб; **~ый го́лос** хIеренаб, берцинаб гьаракь ◊ **~ый сезо́н** югалда хасалихълъиялъул моцIал (*сентябрь, октябрь*)

БА́РЩИНА *ж ист.* барщина (*рагIиятчилъиялъул заманаялда помещикасе рекьарухъаби тIадаб къагIидаялда ва чIобого хIалтIи*)

БА́РЩИННЫЙ, -ая, -ое барщинаялъулаб; **~ труд** барщинаялъулаб хIалтIи, чIобого помещикасе гьабулеб хIалтIи

БА́РЫНЯ *ж* 1) *уст*. барыня (1 *бечедай чIужугIадан;* 2 *баринасул чIужу, бика*) 2) *перен. разг*. барыня, бика; гIамал кIудияй, чIухIарай чIужугIадан

БАРЫ́Ш *м разг*. хайир, мунпагIат, пайда; **дели́ть ~и** щвараб хайир бикьизе

БА́РЫШНЯ *ж уст*. 1) (*девушка из барской семьи*) барышня 2) (*молодая девушка*) гIолохъанай яс, ясгIадан, яс

БАРЬЕ́Р *м* 1) барьер (*нух къотIизе гьабураб чали, къед, квекIен*) 2) *перен*. квалквал, квекIен; **та́моженные ~ы** таможнялъулал квекIенал

БАС *м* бас (1 *бихьинчиясул гъварараб гьаракь, сас; гьеб гьаркьидалъун кечI ахIулев чи;* 2 *гьединаб гьаракьалъул музыкалияб алат*)

БАСКЕТБО́Л *м* баскетбол

БАСКЕТБОЛИ́СТ *м* баскетболист (*баскетбол хIалев чи*)

БАСКЕТБОЛИ́СТКА *ж* баскетболистка (*баскетбол хIалей гIадан*)

БАСКЕТБО́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое баскетболалъул; **~ая пло́щадка** баскетболалъул майдан

БАСМА́Ч *м ист*. басмач, гъачагъ, бандит (*Гьоркьохъеб Азиялда революциялда данде чIараб ишалда гIахьаллъи гьабурав чи*)

БАСНОПИ́СЕЦ *м* басняби хъвалев чи, баснябазул автор

БАСНОСЛО́ВН//ЫЙ, -ая, -ое маргьа-къисабалъ букIунеб гIадаб гIорхъолъа борчIараб, божиларе гIадаб; **~ые при́были** гIорхъолъа борчIараб хайир, бергьун цIикIкIараб хайир

БА́СНЯ *ж* 1) басня (*батIайиса тиризабун, гIакълу кьезелъун бицараб, хъвараб къокъаб хабар, къиса*) 2) *перен*. (*вымысел*) ургъун бахъараб хабар, хочI-хабар

БАССЕ́ЙН *м* 1) хIавуз; **~ для пла́вания** лъедезе гьабураб хIавуз 2) *геогр*. бассейн, кIудияб жаниблъи (*ралъадалъ, хIоралъ, гъорлъе журалел киналго лъараз, гIаркьелазгун цадахъ гIоралъ жанибе бачунеб бак1)*; **~ Во́лги** Волгаялъул (*гIоралъул*) бассейн 3) *геол*. бассейн (*ракьул гьатазул цо тайпаялъ ккураб кинабго бак1)*; **ка́меноу́гольный ~** ганчIитIорччол бассейн

БА́СТА *межд. разг*. гIела, лъугIизе те

БАСТИО́Н *м воен*. бастион (*щубокIонаб формаялъул хъала ялъуни щулалъи, борж, си*)

БАСТОВА́ТЬ *несов*. забастовка гьабизе, хIалтIи рехун тезе (*рази гьечIолъи, дандечIей лъазабун*)

БАТАЛИ́СТ *м* баталист (*рагъда хурхарал суратал рахъулев художник*)

БАТА́ЛИЯ *ж* 1) *уст*. рагъ, кьал 2) *перен*. хъуй бугеб дагIбарагIи, гьалмагъал

БАТА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое рагъ бихьизабулеб, рагъул хIакъалъулъ бугеб; **~ая жи́вопись** рагъ бихьизабулеб живопись, рагъул хIакъалъулъ бугеб живопись

БАТАЛЬО́Н *м воен*. батальон (*лъелаб аскаралъул цо чанго ротаялдасан данделъараб аскарияб тIел*); **стрелко́вый ~** кьвагьдохъабазул батальон

БАТАЛЬО́ННЫЙ, -ая, -ое батальоналъул(аб); **~ команди́р** батальоналъул командир

БАТАРЕ́ЙНЫЙ, -ая, -ое батареялъул(аб)

БАТАРЕ́Я *ж* 1) *воен*. батарея (*чанго гIарада яги миномёт бугеб артиллериялъулаб часть*) 2) *эл*. батарея (*цоцада хурхинарурал электротехникаялъул чанго элемент ялъуни аккумуляторал*); **электри́ческая ~** электрикияб батарея 3) *тех*. батарея; **~ парово́го отопле́ния** хIухьлаца хинлъизабулеб батарея

БАТИСКА́Ф *м* батискаф (*гъваридго лъелъан хьвадулеб аппарат*)

БАТИ́СТ *м* батист, падис (*цIвакараб тIеренаб квасквасул хамил тайпа*)

БАТИ́СТОВЫЙ, -ая, -ое батисталъул, падисалъул; **~ плато́к** батисталъул (падисалъул) кIаз

БАТИСФЕ́РА *ж* батисфера (*гIелмиял мурадазда лъел гъварилъуде биччалеб камера*)

БАТО́Н *м* батон (*хъахIаб ролъул халаткkараб чIинтIараб чед*)

БАТРА́К *м* батрак, рагьтIател (*кулакасе, помещикасе мухьдахъ хIалтIулев росдал магIишаталъул хIалтIухъан*)

БАТРА́ЦКИЙ, -ая, -ое батраказул, батраказулаб; **~ труд** батраказулаб хIалтIи

БАТРА́ЧЕСТВО *с* 1) (*занятие батрака*) батраклъи, рагьтIателлъи 2) *собир*. батракал, рагьтIателал

БАТРА́ЧИТЬ *несов*. батраклъи гьабизе; рагьтIателлъун чIезе

БАТРА́ЧКА *ж* батрачка, батракай, рагьтIател

БАТТЕРФЛЯ́Й *м* баттерфляй (*кIиябго квер цадахъ лъеда тIаде рехулаго, лъедолеб къагIида*)

БАТУ□Т *м* батут (*циркалда: тIад кIанцIолеб кварил хьури, гьин, сетка*)

БАТЫ́Р *м* багьадур

БА́ТЮШК//А *м* 1) *уст*. (*отец*) эмен 2) *разг*. (*священник*) кашиш ◊ **~и мои́ !** вабабай! вададай!

БАУ́Л *м* баул (*нухда босулеб гьитIинаб гьамас, ящик1)*

БАХ *межд*. дваргъ

БА́ХАТЬ *несов. см*. **ба́хнуть**

БАХВА́Л *м* вещцарухъан, пударухъан

БАХВА́ЛИТЬСЯ *несов. кем-чем разг*. вещцаризе, пударизе

БАХВА́ЛЬСТВО *с разг*. рецц-бакъчилъи, реццари, пудари

БА́ХНУ//ТЬ *однокр. к* **ба́хать**: дваргъизе; **~л вы́стрел** кьвагьан бахъана, дваргьана; **он ~л стака́н об пол** дос стакан чIарбида дваргьан бахънабуна

БАХРОМА́ *ж* симис

БАХТАРМА́ *ж* тIомол жанисеб рахъ

БАХЧА́ *ж* бахча (*хъарпуз, пастIан бекьараб хур*)

БАХЧЕВО́Д *м* бахчачи (*хъарпузал, пастIанал . . . гIезарулев чи*)

БАХЧЕВО́ДСТВО *с* бахчачилъи (*хъарпузал, пастIанал . . . гIезари*)

БАХЧЕВ//О́Й, -а́я, -о́е бахчадулаб; **~ые культу́ры** бахчадулал рекьулел жал

БАЦ 1. *межд. звукоподр. разг*. дванк **2.** *в знач. сказ*. дванкана, кьвагьана, кьабана, бана; **~ его́ по спине́** гьосул мугьзалъ тохлъукье кьабана (дванкан бахънабуна)

БАЦИ́ЛЛА *ж* бацилла (*гIочIол сураталъул бактерия*); **туберкулёзная ~** туберкулезалъул бацилла

БАЦИ́ЛЛОНОСИ́ТЕЛЬ *м* бациллаби ругеб хIайван, чи

БАЧО́К *м уменьш. от* **бак**

БА́ШЕНН//ЫЙ, -ая, -ое сивул, сиялъулаб; хъаладул; **~ые часы́** сивул сагIат ◊ **~ый кран** *тех*. сиялъулаб кран (*ралел бакIазда бакIал жал эхеде рорхизе хIалтIизабулеб кIудияб, си гIадаб борхатаб кран*)

БАШКА́ *ж прост*. бетIер

БАШКИ́Р *м* башкирав

БАШКИ́РКА *ж* башкирай

БАШКИ́РСКИЙ, -ая, -ое башкиразул; **~ язы́к** башкир мацI, башкиразул мацI

БАШКИ́РЫ *мн*. башкирал

БАШКОВИ́ТЫЙ, -ая, -ое *разг*. бетIер бугев, гIакълу бугев, бичIчIи бугев, цIодорав

БАШЛЫ́К *м* башлихъ

БАШМА́К *м* 1) башмакъ 2) *ж.-д.* башмакъ (*тирулел гьакал чIезаризе лъолеб хасаб кесек;* **тормозно́й ~** тормозалъул башмакъ ◊ **быть под ~о́м у жены́** чIужуялъул хIатIикь вукIине (*чIужуялъукьа къун вукIине*)

БА́ШНЯ *ж* 1) си, борж, хъала; **водонапо́рная ~** лъадал хIалуцин цIикIинабулеб си; **си́лосная ~** силосалъул си 2) башня (*гамида, танкалда, бронемашинаялда гIарада лъезе ва гIадамал жанир чIезе гьабураб тIад чаран ккураб гургинаб си гIадаб бак1)*

БАЮ́КАТЬ *несов. кого* аххбачине, лъимер кьижизабизе

БАЯ́Н *м* аргъан

БАЯНИ́СТ *м* аргъанчи, аргъан хъвалев чи

БДИ□ТЕЛЬНОСТЬ *ж* цIодорлъи, тохлъунгутIи, тохал бугольи; **проявúть ~** цIодорлъи бихьизабизе, цIодорго вукIине

БДИ́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое цIодорав, тохлъуларев, цIодорго вукIунев **бýдьте ~ы!** цIодорго рукIа! воре, тохлъуге!

БЕГ *м* 1)рекери; **~ на сто мéтров** нусго метралъ рекери; **~ на мéсте** чIараб бакIалда рекери; цого бакI мерхьин 2) лъути

БЕГА́[1] *мн*. чуял къецалъ рекери (*гьакида ран*)

БЕГА́[2]**: в бегáх** 1) *разг*. ворта-хъетиялда; **весь день прошёл в бегáх** тIубараб къо ворта-хъетиялда ана 2) *уст*. халатаб заманаялъ, изну гьечIого, нахъе ин; хIалтIи, рукъ реххун тей

БЕ́ГА//ТЬ *несов*. 1) рекерахъдизе; рекеризе; **~ наперегонки́** цоцалъ чIван, рекеризе, цоцалъ къец бан, рекеризе; **~ на конькáх** конькабазда рекеризе 2) *кого-чего* (*избегать*) лъутанхъизе; **от дéла не ~й** хIалтIудаса лъутанхъуге;◊ **~ть** *за кем-л*. хадув лъугьине (*лъидаялиго*); **глазá егó так и ~ют** досул берал кирего щолел руго; **мурáшки ~ют по спинé** хIинкъиялъ черх сородулеб буго, мугъ цIунцIрахун унеб буго

БЕГЕМО́Т *м* бегемот (1 А*фрикаялъул багIарарал бакIазда цIамхIалаб гуреб лъелъ букIунеб кIудияб хIайван;* 2 *перен. бакIав, пагьму-гьунар гьечIев чи*)

БЕГЛЕ́Ц *м* лъутарав чи, лъутун ворчIарав чи, лъутун арав чи, тIурун арав чи

БЕ́ГЛОСТЬ *ж* тирилъи, хехлъи, дури, гIедерлъи; **~ чтéния** цIалул хехлъи

БЕГОВ//О́Й, -áя, -óе рекерулеб; **~áя дорóжка** рекерулеб нух; **~ы́ е лóшади** рекерулел, риччазе ругел чуял

БЕ́ГЛ//ЫЙ, -ая, -ое 1) *уст*. лъутарав 2) (*быстрый*) хехаб, тирияб; **~ое чтéние** хехаб (дурун) цIали 3) (*поверхностный*) тIаса-масагояб; **~ый обзóр** тIаса-масагояб хIасил (гьаби) 4) (*мимолетный*) гIедегIараб, лъалхъичIого унеб, рештIинчIого унеб; **~ый взгляд** тохлъукьегояб берчIвай ◊ **~ые глáсные** *лингв*. гьоркьоса тIагIунел рагьарал гьаркьал (*рагIабазул формаби хисулаго, цин рилун, цин раккун рукIунел рагьарал гьаркьал, мас.* гамачI — ганчIал, кесек — кескал)

БЕГЛЯ́НКА *ж* лъутарай чIужугIадан, лъутараб рухIчIаголъи

БЕГО́М *нареч*. векерун, веке-векерун; **~ бежáть** кутакалда хехго векеризе, лъутизе

БЕГОТНЯ́ *ж разг*. рортанхъи, рекерахъди, рихха-хочи, гIедегIахъди, рорта-хъети

БЕ́ГСТВО *с* 1) лъути; **~ из плéна** асилъурдаса лъути 2) (*беспорядочное отступление*) тIурун ин, лъути; **обрати́ться в ~** тIурун ине (*рихха-хочун*)

БЕГУ́, БЕЖИ́ШЬ *и т. д. наст. от* **бежáть**

БЕГУ́Н *м* векерухъан; **~ на корóткие дистáнции** къокъаб манзилалъ векерулев чи, къокъаб манзилаъул векерухъан

БЕГУ́НЬЯ *ж* екерухъан

БЕД//Á *ж* 1. (*несчастье*) балагъ, къварилъи, талихI кьин, талихI гьечIолъи; **вы́ ручить из ~ы́** балагъалдаса хвасар гьавизе, балагъалдаса ворчIизавизе; **попáсть в ~у́** балагъалъукье ккезе, къварилъиялде ккезе, талихI кьине 2. *в знач. сказ*. балагъ бачIана, талихI къана, къварилъи ккана; **~а в том, что он неýчится** дов цIалунгутIиялъулъ буго талихI кьин ◊ **не ~á** кIваричIо; **не велúка ~á** гьедигIан кIвар бугеб жо гуро, кIудияб балагъ гуро; **в тóм-то ~á** гьеб гурищха балагъ, гьелъулъ гурищха балагъго бугеб

БЕДНЕ́ТЬ *несов*. мискинлъизе, язихълъизе

БЕ́ДНОСТЬ *ж* 1) мискинлъи, язихълъи 2) (*скудность*) мискинлъи, мукъсанлъи; **~ умá** гIакълуялъул мукъсанлъи ◊ **~ не порóк** мискинлъи гIайиб (гIунгутIи) гуро

БЕДНОТА́ *ж собир*. мискинзаби, мискинал, язихъал чагIи

БЕ́ДНЫЙ, -ая, -ое **1.** 1) мискинав, язихъав; **~ человéк** мискинав чи, язихъав чи 2) (*скудный*) мукъсанаб, мискинаб, загIипаб, дагьаб; **~ по содержáнию** магIна-хIасил мукъсанаб, магIна-хIасил загIипаб, магIна-хIасилалъул рахъалъ мискинаб 3) (*несчастный*) мискин, пакъир; **~, он так бóлен!** мискин, дов унтун вугеб куц! пакъир, дов унтун вугеб куц! **2.** *в знач. сущ.* **~** *м* мискинав, мискинчи, язихъав

БЕДНЯ́ГА, БЕДНЯ́ЖКА *м, ж разг*. мискин, пакъир, гьарин, язихъ

БЕДНЯ́К *м* 1) (*неимущий*) мискинчи, мискин, язихъ 2) (*маломощный крестьянин*) мискинав, язихъав векьарухъан

БЕДН Я́ ЦК//ИЙ, -ая, -ое мискинзабазул, мискинчиясул, мискинасул; **~ое хозя́йство** мискинчиясул магIишат

БЕДÓВЫЙ, -ая, -ое *разг*. чанкIкIарав, хIинкъи-къай гьечIев гъалмагъир гIемерав; **~ мальчи́шка** чанкIкIарав вас

БЕ́ДРЕНН//ЫЙ, -ая, -ое мачIчIалзул; **~ая кость** мачIчIалзул ракьа

БЕДРÓ *с* мачIчI; **положи́ть ру́ки на бёдра** мачIчIабазда кверал лъезе; **широ́кие бёдра** гIебал мачIчIаби

БЕ́ДСТВЕНН//ЫЙ, -ая, -ое балагъаб, хIинкъи бугеб, квешаб; **~ое положе́ние** квешаб хIал

БЕ́ДСТВИЕ *с* балагъ; кIудияб къварилъи; **стихи́йное ~** тIабигIияб балагъ

БЕ́ДСТВОВАТЬ *несов*. къварилъи (гIакъуба, язихълъи) бихьизе, къварилъиялде (гIакъубаялде, язихълъиялде) ккезе

БЕЖ *прил. неизм*. канчIкъагьвадул кьераб; **цвéта ~** канчIкъагьвадул кьер бугеб, канчIсурмияб

БЕЖ//А́ТЬ 1) *несов*. бекеризе**; ~áть ры́сью** гьелун бекеризе, гьелизе 2) *несов*. (*спешить*) гIедегIизе, хехлъизе; дурун ине, дуризе 3) *несов. перен*. (*о времени*) гIедегIизе, хехлъизе, дуризе; **дни бегýт** кьоял хехго унел руго 4) *сов. и несов*. (*совершать побег*) лъутизе, тIуризе; **~áть из плéна** асирлъудаса лъутизе 5) *несов*. (*течь, литься*) чвахизе; **из рáны ~ит кровь** ругънадаса би чвахулеб буго; **молокó ~ит** рахь тIасан бачIунеб буго (*гьалулаго*)

БЕ́ЖЕВЫЙ, -ая, -ое *см*. **беж**

БЕ́ЖЕНЕЦ *м* лъутун вачIарав чи (*цо балагъ тIаде бачIун, жиндирго бакI рехун тун, лъутун вачIарав чи*)

БЕ́ЖЕНКА *ж* лъутун ячIарай чIужугIадан

БЕЗ (БЕЗО) *предлог с род. п.* 1) (*при указании на недостаток, отсутствие*) *гьечIого, камун абураб магIна кьолеб* предлог; **остáвить ~ дéнег** гIарац камун, тезе, гIарац гьечIого, тезе; **~ сомнéния** щаклъи гьечIого 2) (*не считая, в отсутствие*) гьечIого; **~ нас не начинáйте** ниж гьечIого, байбихьуге 3) *(при указании на время)* камун; **~ пятúмину́т час** щуго минут камун, цо сагIат, сагIат цо тIубазе щуго минут

БЕЗ- (БЕЗЪ-, БЕС-) приставка 1) *прилагательноялъе гьечIеб, камураб абураб магIна кьезе рагIул бетIералда хIалтIизабулеб бутIа, мас*.: **бездыúмный** кIкIуй гьечIеб; **безрабóтный** хIалтIи гьечIев; 2) а) *ахиралда -ие, -ье ругел ва щибалиго жо гьечIолъи, ками магIна кьолел предметиял цIаразул бетIералда хIалтIизабулеб бутIа, мас*.: **безвéтрие** гьури гьечIолъи; **безлéсье** рохь гьечIолъи б) *ахиралда -ица суффикс бугеб ками, гьечIолъи магIна кьолеб предметияб цIаралъул бетIералда хIалтIизабулеб бутIа, мас*.: **безвкýсица** рекъон гьечIолъи, тIаса бищизе лъангутIи

БЕЗАВАРИ́ЙНЫЙ, -ая, -ое авария гьечIеб, авария ккола-реб; **~ая рабóта** авария гьечIеб хIалтIи

БЕЗÁДРЕСНЫЙ –ая, -ое адрес гьечIев (чи), адрес гьечIеб (бакI)

БЕЗАЛÁБЕРНОСТЬ *ж* ургъел гьечIолъи, тадбир гьечIолъи

БЕЗАЛÁБЕРН//ЫЙ, -ая, -ое тадбир гьечIеб, низам гьечIеб, ургъел гьечIеб, бакIа-бахаричIеб; **~ая рабóта** тIаса-масаго гьабураб хIалтIи

БЕЗАЛКОГÓЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое алкогол гьечIеб, спирт гъорлъ гьечIеб; **~ые напи́тки** алкогол гъорлъ гьечIел гьекъолел жал

БЕЗАПЕЛЛЯЦИÓНН//ЫЙ, -ая, -ое тIасан гIарз гьабизе нух гьечIеб, инкар биччалареб, тIадкIалъай биччалареб, хIужа-далил гьечIеб, кьварараб куцалъул; **~ое решéние** тIасан гIарза кьезе нух толареб хIукму

БЕЗÁТОМН//ЫЙ, -ая, -ое атом гьечIеб (*атомалъулаб ярагъ гьечIеб*); **~ая зóна** атом гьечIеб зона (*атомалъулаб ярагъ гьечIеб зона*)

БЕЗБЕ́ДН//ЫЙ, -ая, -ое мискинлъи бихьичIеб, хIажалъи бихьичIеб; **~ое существовáние** мискинлъи бихьичIеб бетIербахъи

БЕЗБИЛЕ́ТНЫЙ, -ая, -ое билет гьечIеб; **~ пассажи́р** билет гьечIев пассажир (*нухлулав*)

БЕЗБÓЖИЕ *с* Аллагьасде инкар гьаби, Аллагь вукIиналда божунгутIи

БЕЗБО́ЖНИК *м* АллагъгъечӀ, Аллагъ вукӀиналда божуларев чи

БЕЗБО́ЖНИЦА *ж* АллагъгъечӀ, Аллагъ вукӀиналда божуларей гӀадан

БЕЗБО́ЖНО *нареч.* (*бессовестно*) намус гъечӀого, намус тӀагӀун, нич тӀагӀун; **он ~ врёт** дос, намус гъечӀого, гъереси бицунеб буго (бицуна)

БЕЗБО́ЖН//ЫЙ, -ая, -ое 1) *уст.* Аллагъ вукӀиналда божуларев, Аллагъасде инкар гьабулев 2) *разг.* (*бессовестный*) намус гъечӀеб, намус тӀагӀараб; **~ая ложь** намус тӀагӀараб гьереси

БЕЗБОЛЕ́ЗНЕННО *нареч.* унти гъечӀого, унти бихьичӀого, унти лъачӀого; бигьаго, къварилъи бихьичӀого

БЕЗБОЛЕ́ЗНЕНН//ЫЙ, -ая, -ое унти гъечӀеб, унти лъачӀеб; къварилъи гъечӀеб, квалквал гъечӀеб, бигьаяб; **~ая опера́ция** унти лъаларедухъ гьабураб операция (*мас., лазералъул кумекалдалъун*)

БЕЗБОРО́ДЫЙ, -ая, -ое мегеж гъечӀев, куса

БЕЗБОЯ□ЗНЕННЫЙ, -ая, -ое хӀинкъи гъечӀеб, бер къалареб

БЕЗБРА́ЧИЕ *с* болозанлъи; росасе инчӀеб гӀумру

БЕЗБРЕ́ЖН//ЫЙ, -ая, -ое гӀурхъи гъечӀеб, рагӀа-ракьан гъечӀеб, гӀурхъи тун, гӀатӀидаб; **~ое мо́ре** рагӀа-ракьан гъечӀеб ралъад

БЕЗВЕ́СТНОСТЬ *ж* хабар лъангутӀи, буголъи лъангутӀи, машгъураб гъечӀолъи

БЕЗВЕ́СТНЫЙ, -ая, -ое букӀин лъалареб, хабар лъалареб, цӀар лъалареб, машгъураб гуреб; **~ геро́й** цӀар лъаларев, машгъурлъи гъечӀев бахӀарчи

БЕЗВЕ́ТРЕННЫЙ, -ая, -ое гъури гъечӀеб, сасараб; **~ день** сасараб къо, гъури гъечӀеб къо

БЕЗВЕ́ТРИЕ *с* сасин, гъури гъечӀолъи

БЕЗВИ́ННЫЙ, -ая, -ое гӀайиб гъечӀеб, такъсир гъечӀеб

БЕЗВКУ́СИЕ *с*, **безвку́сица** *ж* тӀагӀам гъечӀолъи, тату гъечӀолъи; рекъараб гъечӀолъи; тӀаса бищизе лъангутӀи

БЕЗВКУ́СН//ЫЙ, -ая, -ое тӀагӀам гъечӀеб, тату гъечӀеб; рекъечӀеб; **~ая еда́** тӀагӀам гъечӀеб квен

БЕЗВЛА́СТИЕ *с* хӀукумат гъечӀолъи, хӀакимлъи гъечӀолъи, анархия

БЕЗВО́ДН//ЫЙ, -ая, -ое 1) лъим гъечӀеб, ракъдалаб, лъекъаб; **~ая пусты́ ня** лъим гъечӀеб авлахъ, ракъдалаб авлахъ 2) *хим.* жинда гъорлъ реччел, лъим гъечӀеб; **~ая кислота́** лъим гъорлъ гъечӀеб кислота

БЕЗВО́ДЬЕ *с* лъим гъечӀолъи, ракъдаллъи, лъекълъи, лъадакълъи

БЕЗВОЗВРА́ТН//ЫЙ, -ая, -ое 1) тӀад буссунареб, нахъ буссунареб 2) (*о кредите*) нахъ буссинабизе кколареб, тӀад буссинабизе кколареб, кидагоялъе кьураб, миркалъ кьураб; **~ая ссу́да** нахъбуссинабизе кколареб къарз

БЕЗВОЗДУ́ШН//ЫЙ, -ая, -ое гьава гъечӀеб, гьаваялъул цӀечӀеб; **~ое простра́нство** гьава гъечӀеб бакӀ

БЕЗВОЗМЕ́ЗДНО *нареч.* чӀобого, гьавайин, мухь гъечӀого, бецӀизе ккечӀого

БЕЗВОЗМЕ́ЗДН//ЫЙ, -ая, -ое мухь гъечӀеб, бецӀизе ккола-реб, чӀобогоъб, гьавайинаб; **~ое по́льзование** чӀобого хӀалтӀизаби, чӀобого пайда боси, мухь кьечӀого, хӀалтӀизаби

БЕЗВО́ЛИЕ *с* кӀвакӀараб къасд-нигат гъечӀолъи, кӀвакӀа-шакӀи гъечӀолъи

БЕЗВОЛО́СЫЙ, -ая, -ое рас гъечӀеб

БЕЗВО́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое къасд-нигат загӀипав, кӀвакӀа-шакӀи гъечӀев; **~ челове́к** кӀвакӀа-шакӀи гъечӀев чи

БЕЗВО/РСОВЫЙ –ая, -ое гӀисинаб (ризаб) рас тӀад гъечӀеб (ххам, халича)

БЕЗВРЕ́ДН//ЫЙ, -ая, -ое зарар гъечӀеб, зиян гъечӀеб; **~ое сре́дство** зарар гъечӀеб дару, сабаб

БЕЗВРЕ́МЕННО *нареч.* заман щвелалдего, заман щвечӀого, болжал щвечӀого, гӀуждаса цебеккун

БЕЗВРЕ́МЕНН//ЫЙ, -ая, -ое заман щвечӀеб, болжал щвечӀеб, гӀуждаса цебеккунисеб, заман щвелалде ккараб; **~ая кончи́ на** заман щвелалде ккараб хвел

БЕЗВЫ́ЕЗДНО *нареч.* дове-гьаниве инчӀого; **он жил ~ в дере́вне** дове-гьаниве инчӀого, гьев росулъ вукӀана

БЕЗВЫ́ ХОДНО *нареч.* кӀватӀиве инчӀого, кӀватӀиве вахъинчӀого, цого бакӀалда чӀун

БЕЗВЫ́ ХОДН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*без отлучки*) кӀватӀиве унарев, кӀватӀиве вахъунарев, цого бакӀалда чӀарав 2) (*критический*) чара къосараб, чара гъечӀеб, гьабизе жо тӀагӀараб, захӀматаб, дару гъечӀеб, рес къотӀараб; **~ое положе́ние** чара къосараб хӀал

БЕЗГЛА́ЗНЫЙ, -ая, -ое цояб ялъуни кӀиябго бер гъечӀев; цояб ялъуни кӀиябго бер бецав

БЕЗГОЛО́ВЫЙ, -ая, -ое 1) бетӀер гъечӀев 2) *разг.* (*глупый*) гӀантав, ахӀмакъав 3) *разг.* (*забывчивый, рассеянный*) цӀакъ палгъарав, ракӀалда жо кколарев (чӀоларев), хехго кӀочонев

БЕЗГОЛО́СЫЙ, -ая, -ое гьаркьикъав, гьаракь гъечӀев ялъуни гьаракь загӀипав; бацӀцӀадаб гьаракь гъечӀев; **~ пево́ец** гьаракь гъечӀев кочӀохъан

БЕЗГРА́МОТНО *нареч.* лъавукъго, жагьилго

БЕЗГРА́МОТНОСТЬ *ж* 1) хъвай-цӀали лъангутӀи 2) *перен.* (*невежество*) лъавукълъи, жагьиллъи; **полити́ческая ~** политикияб лъавукълъи

БЕЗГРА́МОТНЫЙ, -ая, -ое 1) хъвай-цӀали лъалареб; грамматикаялъулал гъалатӀал гӀемераб; **~ челове́к** хъвай-цӀали лъалареб чи; грамматикаялъулал гъалатӀал гӀемер риччалев чи 2) *перен.* лъавукъаб, жагьилаб, гъалатӀал гӀемераб; **~ чертёж** гъалатӀал гӀемераб чертеж

БЕЗГРАНИ́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое 1) гӀурхъи гъечӀеб, рагӀа-ракьан гъечӀеб, гӀорхъолъа борчӀараб, гӀорхъолъа ун, гӀатӀидаб; **~ый просто́р** гӀурхъи гъечӀеб гӀатӀилъи 2) *перен.* (*очень сильный*) цӀакъ кутакаб, гӀурхъи тараб; **~ая печа́ль** цакъ кутакаб пашманлъи

БЕЗГРЕ́ШНЫЙ, -ая, -ое мунагь гъечӀеб

БЕЗДА́РНОСТЬ *ж* 1) (*отсутствие таланта*) гьунар гъечӀолъи, пагьму гъечӀолъи, бажарунгутӀи 2) (*о человеке*) гьунар-гъечӀ, бажаригьечӀ, махщелгьечӀ

БЕЗДА́РНЫЙ, -ая, -ое гьунар гъечӀев, пагьму гъечӀев, бажари гъечӀев; **~ писа́тель** гьунар гъечӀев хъвадарухъан

БЕЗДЕ́ЙСТВИЕ *с* хӀалтӀи гъечӀолъи, хӀаракат гъечӀолъи, чӀунхутӀи

БЕЗДЕ́ЙСТВОВАТЬ *несов.* щибго гьабунгутӀизе, хӀалтӀунгутӀизе

БЕЗДЕ́ЛИЦА *ж* пайда гъечӀеб жо, гьадингояб жо, гӀисибикъинаб жо

БЕЗДЕЛУ□ШКА *ж* гьадингояб жо, гӀиси-бикъинаб берцинлъи-тӀокӀлъиялъе гьабураб жо

БЕЗДЕ́ЛЬЕ *с* иш гъечӀолъи, гӀадада чӀей, чӀалгӀаде чӀей

БЕЗДЕ́ЛЬНИК *м разг.* ишгъечӀ, кӀухӀал

БЕЗДЕ́ЛЬНИЦА *ж* ишгъечӀ, кӀухӀал (*чӀужугӀадан*)

БЕЗДЕ́ЛЬНИЧАТЬ *несов.* щибго гьабунгутӀизе, расги гьабичӀого, чӀезе

БЕЗДЕ́НЕЖН//ЫЙ, -ая, -ое 1) гӀарац гъечӀого гьабулеб, кодобе гӀарац кьезе кколареб; **~ые расчёты** гӀарац гъечӀого (кодобе гӀарац кьечӀого), гьарулел расчетал (хӀисаб) 2) *разг.* (*не имеющий денег*) гӀарац гъечӀеб, гӀарцукъаб

БЕЗДЕ́НЕЖЬЕ *с* гӀарац гъечӀолъи, гӀарцукълъи

БЕЗДЕ́ТНОСТЬ *ж* лъимал гъечӀолъи

БЕЗДЕ́ТН//ЫЙ, -ая, -ое лъимал гъечӀев; **~ая же́нщина** лъимал гъечӀей чӀужугӀадан

БЕЗДЕ́ЯТЕЛЬНОСТЬ *ж* жигар гъечӀолъи, хӀаракат гъечӀолъи

БЕЗДЕ́ЯТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое жигар гъечӀеб, хӀаракат гъечӀеб

БЕ́ЗДНА *ж* 1) (*пропасть*) тӀину гъечӀеб гъварилъи, кӀкӀал, парс; гӀорхъи гъечӀолъи 2) *разг.* (*множество*) цӀакъ гӀемераб, рикӀкӀун хӀал кӀолареб

БЕЗДО́ЖДЬЕ *с* цӀад гъечӀолъи, цӀадакълъи, ракъдаллъи

БЕЗДОКАЗА́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое хӀужа гъечӀеб, кьучӀ гъечӀеб, далил гъечӀеб; **~ое обвине́ние** хӀужа гъечӀеб гӀайиб чӀвай, кьучӀ гъечӀеб гӀайиб чӀвай, гӀайиб гӀунтӀизаби

БЕЗДО́МН//ЫЙ, -ая, -ое рукъ гъечӀеб, буссунеб бакӀ гъечӀеб; **~ая ко́шка** руссен гъечӀеб кето

БЕЗДО́НН//ЫЙ, -ая, -ое тӀину гъечӀеб, гъваридаб ◊ **~ая бо́чка** *шутл.* а) (*о любителе выпить*) тӀину гъечӀеб чирмакъали; б) (*ненасытный*) гӀорцӀи лъаларев, гӀорцӀигьечӀ, чехьквеш

БЕЗДОРО́ЖЬЕ *с* 1) (*отсутствие дорог*) нухал гъечӀолъи 2) (*распутица*) нухал хвараб заман (*ихха, цӀадаз хвезарун*)

БЕЗДУ́ШИЕ *с* гурхӀел гъечӀолъи, цӀоб гъечӀолъи, хъачӀлъи

БЕЗДУХО/ВНОСТЬ *ж* рухIияб бечелъи (кьучI) гьечIолъи

БЕЗДУ́ШН//ЫЙ, -ая, -ое гурхIел гьечIеб, цIоб гьечIеб, хъачIаб; **~ое отноше́ние** гурхIел гьечIеб балагьи

БЕЗДЫ́МНЫЙ, -ая, -ое кIкIуй бахъунареб, кIкIуй гьечIеб; **~ по́рох** кIкIуй бахъунареб хер

БЕЗДЫХА́НН//ЫЙ, -ая, -ое хIухьел гьечIеб, хвараб; **~ое те́ло** хIухьел гьечIеб къаркъала, хвараб къаркъала

БЕЗЁ *неизм.* ханал гъорлъе журан гьарурал печеньяби

БЕЗЖА́ЛОСТНОСТЬ *ж* рахIму гьечIолъи, гурхIел гьечIолъи, цIоб гьечIолъи

БЕЗЖА́ЛОСТНЫЙ, -ая, -ое гурхIел гьечIеб, рахIму гьечIеб, цIоб гьечIеб

БЕЗЖИ́ЗНЕННЫЙ, -ая, -ое 1) (*мертвый*) рухI гьечIеб, хвараб 2) *перен.* (*невыразительный*) чIаголъи гьечIеб, баянлъи, загьирлъи гьечIеб; беричлъи гьечIеб, асар гьабулареб

БАЗЗАБО́ТНО *нареч.* ургъел гьечIого, агъаз гьечIого

БЕЗЗАБО́ТНЫЙ, -ая, -ое ургъел гьечIеб, агъаз гьечIеб; **~ челове́к** ургъел-агъаз гьечIев чи

БЕЗЗАВЕ́ТНО *нареч.* ракI-ракIалъго, гIорхъи гьечIого

БЕЗЗАВЕ́ТН//ЫЙ, -ая, -ое ракI-ракIалъулаб, гIорхъи гьечIеб; **~ая пре́данность** гIорхъи гьечIеб мутIигIлъи, ракI-ракIалъулаб ритIухълъи

БЕЗЗАКО́НИЕ *с* 1) (*отсутствие законности*) закон гьечIолъи, закон хвезаби, законалдаса бахъи, закон цIунунгутIи 2) (*беззаконный поступок*) закон хвезабураб иш

БЕЗЗАКО́ННЫЙ, -ая, -ое законалда рекъечIеб, закон хвезабулеб, бегъуларе6, мекъаб

БЕЗЗАСТЕ́НЧИВЫЙ, -ая, -ое нич гьечIеб, нич тIагIараб, намус гьечIеб, намуслъуларе6; **~ лгун** нич тIагIарав гьерсихъан

БЕЗЗАЩИ́ТНОСТЬ ж хIалае чи гьечIолъи, рахъ кквезе чи гьечIолъи, мугъ чIвазе бакI гьечIолъи, кумекалъе чи гьечIолъи, чиякълъи, гIажизлъи

БЕЗЗАЩИ́ТНЫЙ, -ая, -ое кумекалъе чи гьечIеб, рахъ кквезе чи гьечIеб, хIалае чи гьечIеб, мугъ чIвазе бакI гьечIеб, чиякъаб, гIажизаб

БЕЗЗВЁЗДН//ЫЙ, -ая, -ое цIваби гьечIеб; **~ое не́бо** цIваби гьечIеб зоб

БЕЗЗВУ́ЧНЫЙ, -ая, -ое гьаракь гьечIеб, гьаракь къараб, сас гьечIеб, сас къотIараб, сихI къотIараб, сихI гьечIеб; **~ смех** гьаракь гьечIеб релъи

БЕЗЗЕМЕ́ЛЬЕ *с* ракь гьечIолъи, ракь дагьлъи, ракь къварилъи

БЕЗЗЕМЕ́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое ракь гьечIеб; **~ крестьяни́н** ракь гьечIев векьарухъан

БЕЗЗЛО́БНЫЙ, -ая, -ое щцин гьечIеб, хIеренаб, ракI лъикIаб; **~ смех** щцин гьечIеб релъи

БЕЗЗУ□Б//ЫЙ, -ая, -ое 1) цаби гьечIеб, гажал гьечIеб; **~ый стари́к** цаби гьечIев херав 2) *перен.* (*слабый*) тамахаб, загIипаб; **~ая кри́тика** загIипаб критика, тамахаб критика, тIаса-масагояб критика

БЕЗЛЕ́СНЫЙ, -ая, -ое рохь гьечIеб, рохьал гьечIеб; **~ райо́н** рохьал гьечIеб район

БЕЗЛИ́КИЙ, -ая, -ое гьумер гьечIеб, жиндирго хасаб сипат-куц гьечIеб, гьабан абизе лъалареб; **~ челове́к** гьумер-цIар гьечIев чи, гьабан абизе лъалареб хасияталъул чи, жиндирго хасаб сипат-хасият гьечIев чи, цIар лъезе лъаларев чи

БЕЗЛИ□ЧН//ЫЙ, -ая, -ое 1) *см.* **безли́кий** 2) *грам.* подлежащее гьечIеб; **~ое предложе́ние** подлежащее гьечIеб предложение

БЕЗЛУ□НН//ЫЙ, -ая, -ое моцI гьечIеб, моцIрол канлъи гьечIеб, моцI баккичIеб; **~ая ночь** моцI гьечIеб сордо, бецIаб сордо

БЕЗЛЮ́ДН//ЫЙ, -ая, -ое гIадамал гьечIеб: халкъ дагьаб; **~ая ме́стность** гIадамал гьечIеб бакI; **~ая у́лица** гIадамал гьечIеб къватI

БЕЗЛЮ́ДЬЕ *с* гIадамал гьечIолъи; къваригIарал гIадамал гьечIолъи

БЕЗМЕ́Н *м* базманал (*цIадирабазул цо тайпа*)

БЕЗМЕ́РН//ЫЙ, -ая, -ое хIат гьечIеб, цIакъ кIудияб, хIисаб тун кIудияб, роцен гьечIеб, ргIа-ракьан гьечIеб; **~ая ра́дость** цIакъ кIудияб рохел

БЕЗМО́ЗГЛЫЙ, -ая, -ое *разг.* ботIрокъав, цIакъ гIантав, гIакълу гьечIев

БЕЗМО́ЛВИЕ *с* 1) (*молчание*) вуцIцIухIин, вуцIцIунчIей 2) (*тишина*) сасин, хIухькъотIи, сихIкъотIи

БЕЗМО́ЛВН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*молчаливый*) вуцIцIун чIарав, кIалъаларев 2) (*тихий*) сасараб, хIухь къотIараб, сихI къотIараб; **~ые у́лицы** сасарал къватIал

БЕЗМО́ЛСТВОВА//ТЬ *несов.* буцIцIухIун чIезе; сасине, сихI къотIизе, хIухь къотIизе; **толпа́ ~ла** халкъ буцIцIухIун чIун бу-кIана

БЕЗМЯТЁЖНОСТЬ *ж* паракъалъи, гъалмагъир гьечIолъи, гIодобе биччай

БЕЗМЯТЁЖНЫЙ, -ая, -ое паракъатаб, гъалмагъир гьечIеб, гIодобе биччараб

БЕЗНАДЁЖНОСТЬ *ж* хьул гьечIолъи, хьул къотIи; квер хьвагIун тей

БЕЗНАДЁЖН//ЫЙ, -ая, -ое хьул гьечIеб, хьул къотIараб; квер хьвагIун тараб; **~ый больно́й** хьул къотIарав унтарав, хьул гьечIев унтарав; **быть в ~ом состоя́нии** хьул къотIараб хIалалда букIине (*о больном, о делах и т. п.*)

БЕЗНАДЗО́РНОСТЬ *ж* тIаде балагъулев чи гьечIолъи, тIалаб гьечIого тей, хъаравул гьечIолъи, кIвар кьолев чи гьечIолъи, рехунтей

БЕЗНАДЗО́РНЫЙ, -ая, -ое тIаде балагъулев чи гьечIеб, тIалаб гьечIого, тараб, хъаравуллъи гьечIеб, кIвар кьолев чи гьечIеб, рехун тараб, ахIуд биччан тараб; **~ ребёнок** тIалаб гьабичIого, ахIуд биччан тараб лъимер

БЕЗНАКА́ЗАННО *нареч.* тамихI гьечIого, тамихI гьабичIого

БЕЗНАКА́ЗАННЫЙ, -ая, -ое тамихI гьабичIеб, тамихIалде ккечIеб

БЕЗНАЛИ́ЧНЫЙ, -ая, -ое кодобе гIарац кьечIеб, документаздалъун нухда лъураб; **~ расчёт** кодобе гIарац кьечIого, гьабураб расчет (хIисаб)

БЕЗНАЧА́ЛИЕ с (*отсутствие руководства*) нухмалъи гьечIолъи, низам гьечIолъи, бетIер гьечIолъи, хIакимлъи гьечIолъи; анархия

БЕЗНО́ГИЙ, -ая, -ое бох (хIетIе) гьечIеб, боxдул (хIатIал) гьечIеб, хIетIе гьечIеб, хIатIал гьечIеб; **~ стул** бох гьечIеб бакI

БЕЗНО́СЫЙ, -ая, -ое 1) мегIер гьечIеб 2) моцIу гьечIеб; **~ ча́йник** моцIу гьечIеб чайник

БЕЗНРА́ВСТВЕННОСТЬ *ж* пучлъи, хасият квешлъи, намус-яхI гьечIолъи, адаб гьечIолъи, пасалъи

БЕЗНРА́ВСТВЕННЫЙ, -ая, -ое пучаб, хасият квешаб, адаб гьечIеб, пасатаб; **~ челове́к** пучав чи; **~ посту́пок** пучаб иш

БЕЗО *предлог см.* **без**; **~ вся́ких разгово́ров** щибниги кIалъай гьечIого, щибниги калам гьечIого; **~ всего́** щибниги гьечIого, щибго гьечIого

БЕЗОБИ́ДН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*безвредный*) зарар гьечIеб, зиян гьечIеб, квешлъи гьабулареб; **~ый челове́к** зарар гьечIев, хIалимав чи; **~ая шу́тка** ракI хвезабулареб махсара

БЕЗО́БЛАЧНОСТЬ *ж* 1) накIкI гьечIолъи, роцIцIен 2) *перен.* паракъалъи

БЕЗО́БЛАЧН//ЫЙ, -ая, -ое 1) накIкI гьечIеб, роцIараб; **~ое не́бо** накIкI гьечIеб (роцIараб) зоб 2) *перен.* паракъатаб; **~ое сча́стье** паракъатаб, сунцаго хвезабулареб талихI

БЕЗОБРА́ЗИЕ *с* 1) (*уродливость*) сурукълъи, коцокълъи, жонсокълъи, бегIукълъи 2) (*безобразный поступок*) квешаб иш, гъалмагъир; **како́е ~ !** гьаб щиб гъалмагъир!

БЕЗОБРА́ЗИ//ТЬ *несов. кого-что* (*уродовать*) сурукълъизабизе, куц хвезабизе, хвезабизе; **пла́тье ~т фигу́ру** гурдеялъ къаркъала хвезабулеб буго, гурдеялъ (*лагаялъул, чорхол яги къаркъалаялъул*) куц хвезабулеб (сурукълъизабулеб) буго

БЕЗОБРА́ЗНИК *м разг.* гъалмагъирчи, гIала-гъважачи

БЕЗОБРА́ЗНИЦА *ж разг.* гъалмагъирчIужу

БЕЗОБРА́ЗНИЧАТЬ *несов. разг.* гъалмагъир гьабизе, гIала-гъважа гьабизе; нахъегIанал, къабихIал жал гьаризе

БЕЗОБРА́ЗНЫЙ, -ая, -ое сурукъаб, коцокъаб; **~ посту́пок** сурукъаб иш

БЕЗОГОВО́РОЧН//ЫЙ, -ая, -ое тIад кIалъазе бакI гьечIеб, калам къотIараб, ргIи къотIараб, шартI гьечIеб; **~ая капитуля́ция** тIад кIалъазе бакI гьечIеб кверде ин, шартI гьечIеб кверде ин

БЕЗОПА́СНО 1. *нареч.* хIинкъи гьечIого, паракъат **2.** *в знач.* сказ. хIинкъи гьечIо; **э́то вполне́** ~ гьелъул щибниги хIинкъи гьечIо

БЕЗОПА́СКА *ж, разг.* мегеж кIкIвалеб жо (бритва)

БЕЗОПА́СНОСТ//Ь ж хIинкъи гьечIолъи, паракъалъи; **те́хника ~и** хIинкъи гьечIолъиялъул техника; **Сове́т Безопа́сности ООН** ООНалъул ХIинкъи гьечIолъиялъул Совет

БЕЗОПА́СН//ЫЙ, -ая, -ое хIинкъи гьечIеб, паракъатаб, божилъи бугев; **в ~ом ме́сте** хIинкъи гьечIеб бакIалда; **~ая бри́тва** хIинкъи гьечIеб мегеж кIкIвалеб нус

БЕЗОРУ́ЖНЫЙ, -ая, -ое ярагъ гьечIеб, кодоб ярагъ гьечIеб

БЕЗОСТАНО́ВОЧН//ЫЙ, -ая, -ое чIей гьечIеб, гьоркьоса къотIулареб; **~ое движе́ние** чIей гьечIеб багъари, гьоркьоса къотIулареб багъа-бачари

БЕЗО́СТ//ЫЙ, -ая, -ое *с.-х.* симил (кьох) гьечIеб (*mIor*); **~ая пшени́ца** симил гьечIеб тIоралъул ролъ

БЕЗОТВЕ́ТН//ЫЙ, -ая, -ое 1) жаваб гьечIеб; **~ая любо́вь** жаваб гьечIеб рокьи 2) (*покорный*) жаваб кьезе кIолареб, гIажизаб, гIенеккун чIараб

БЕЗОТВЕ́ТСТВЕННОСТЬ *ж* жавабчилъи гьечIолъи

БЕЗОТВЕ́ТСТВЕННЫЙ, -ая, -ое жавабчилъи гьечIеб; ~ **челове́к** жавабчилъи гьечIев чи

БЕЗОТКА́ЗНО *нареч.* инкар тун; чIечIого; **рабо́тает** ~ инкар тун, хIалтIула, чIечIого хIалтIула

БЕЗОТКА́ЗН//ЫЙ, -ая, -ое 1) инкар гьабулареб, инкар букIунареб, квалквал гьабулареб, чIечIого хIалтIулеб, гьоркьоса къотIичIого, гьабулеб; **~ая рабо́та мото́ров** моторазул гьоркьоса къотIи гьечIеб хIалтIи 2) абураб гьабулев, гьари нахъчIваларев

БЕЗОТЛАГА́ТЕЛЬНО *нареч.* нахъе тIамичIого, нахъбахъичIого, гьабсагIатго

БЕЗОТЛАГА́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое нахъе тIами гьечIеб, нахъбахъулареб, нахътIамизе бегьулареб, гьабсагIат тIубазе кколеб; **~ое де́ло** нахътIамизе бегьулареб иш, гьабсагIат тIубазе кколеб иш

БЕЗОТЛУ́ЧНО *нареч.* батIалъичIого, добе-гьанибе кьуричIого, аскIоса инчIого; ~ **находи́ться при больно́м** кивего инчIого, унтарасда аскIов вукIине

БЕЗОТНОСИ́ТЕЛЬНО *нареч.*: ~ *к чему* цогиялда данде кквечIого, *сунданиги* хурхинчIого, шартIалда бачIого, шартI гьечIого, жибго жиндаго чIун

БЕЗОТРА́ДН//ЫЙ, -ая, -ое рохел гьечIеб, пашманаб; **~ая карти́на** пашманаб сурат, ахIвал-хал

БЕЗОТЦО́ВЩИНА *ж* 1) хъизаналда эмен гьечIолъи, инсул рахъалдасан тарбия щвечIолъи 2) эмен гьечIого, гIун рачIунел лъимал

БЕЗОТЧЁТНЫЙ, -ая, -ое 1) (*бессознательный*) ургъунго гьабичIеб, лъазего лъачIого ккараб; ~ **страх** щаяли лъалареб хIинкъи 2) (*бесконтрольный*) хIисаб кьолареб, отчет гьечIеб; жавабчилъи гьечIеб, тIад хъаравуллъи гьечIеб

БЕЗОШИ́БОЧНО *нареч.* гъалатI гьечIого, гъалатI ккечIого, битIун, дурусго

БЕЗОШИ́БОЧНЫЙ, -ая, -ое гъалатI гьечIеб, битIараб, дурусаб; ~ **расчёт** гъалатI гьечIеб, битIараб хIисаб-суал

БЕЗРАБО́ТИЦА *ж* хIалтIи гьечIолъи, хIалтIи гьечIого, хутIи

БЕЗРАБО́ТН//ЫЙ, -ая, -ое **1.** хIалтIи гьечIев; **быть ~ым** хIалтIи гьечIевлъун вукIине **2.** *в знач. сущ.* **~ый** *м* хIалтIи гьечIев, хIалтIи гьечIого, хутIарав

БЕЗРА́ДОСТН//ЫЙ, -ая, -ое рохел гьечIеб, пашманаб, кьваридаб; **~ая жизнь** рохел гьечIеб гIумру, пашманаб гIумру

БЕЗРАЗДЕ́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое гьоркьоб бикьулареб, тIубараб, батIалъулареб; **~ое госпо́дство** тIубараб квершел гьаби

БЕЗРАЗЛИ□ЧИЕ *с* батIалъи гьечIолъи, ургъел гьечIолъи, паркъ гьечIолъи; ~ **ко всему́** сундулго ургъел гьечIолъи

БЕЗРАЗЛ И́ ЧНО 1. *нареч.* батIалъи гьечIого; кIвар гьечIого; **относи́ться** *к кому-л.* ~ кIвар гьечIого, *лъихъ бугониги* балагьизе **2.** *в знач. сказ.* батIалъи гьечIо; ~ **кто** щив вукIаниги, батIалъи гьечIо; ~ **где** киб бугониги, батIалъи гьечIо; **мне э́то** ~ дие гьелъул батIалъи гьечIо

БЕЗРАЗЛИ́ЧНЫЙ, -ая, -ое батIалъи гьечIеб, ургъел гьабулареб, ургъел гьечIеб, паркъ гьечIеб

БЕЗРАЗМЕ́РН//ЫЙ, -ая, -ое роцен гьечIеб; **~ые чулки́** роцен гьечIел щватаби (*цIан рачIунел щватаби*)

БЕЗРАССУ́ДНО *нареч.* ургъичIого, пикру гьабичIого, ахIмакъго, тохго

БЕЗРАССУ́ДНЫЙ, -ая, -ое ургъичIого гьабураб, пикру гьабичIого гьабураб, ахIмакъаб, тохаб; ~ **посту́пок** ахIмакъаб иш, тохаб иш

БЕЗРАССУ́ДСТВО *с* пикру гьечIолъи, гIакълу гьечIолъи, ахIмакълъи, тохлъи́

БЕЗРЕЗУЛЬТА́ТНЫЙ, -ая, -ое хIасил гьечIеб, хIасил ккола-реб, пайда гьечIеб, пайда ккола реб, чIалгIадисеб, гIададисеб; ~ **спор** хIасил гьечIеб дагIба, хIасил ккола реб дагIба, гIададисеб дагIба

БЕЗРЕ́ЛЬСОВ//ЫЙ, -ая, -ое релсал гьечIеб; **~ая доро́га** релсал гьечIеб нух

БЕЗРО́Г//ИЙ, -ая, -ое лълъурдул гьечIеб, лълъар гьечIеб, гъвалааб; **~ая коза́** лълъурдул гьечIеб цIцIе, лълъар гьечIеб цIцIе, гъвалааб цIцIе

БЕЗРО́ДНЫЙ, -ая, -ое 1) аслу-тухум лъалареб; эбел-эмен лъалареб, янгъизаб 2) *устар.* машгьурал эбел-инсул гуреб

БЕЗРО́ПОТНО *нареч.* зигар гьечIого, зурзур гьечIого, сабруялда

БЕЗРО́ПОТНЫЙ, -ая, -ое мутIигIаб, зигар гьечIеб, зурзур гьечIеб, сабруяб; ~ **челове́к** мутIигIав чи, зигар гьечIев чи

БЕЗРУКА́ВКА *ж* къвалалгьечI, керенсвери, тегело

БЕЗРУ́КИЙ, -ая, -ое 1) квачIикъав, квер гьечIев 2) *перен. разг.* (*неловкий, неумелый*) бажари гьечIев, кверда махщел гьечIев

БЕЗРЫ́БЬЕ *с*: ◊ **на ~ и рак ры́ба** ччугIа гьечIелъуб ракги ччугIайила

БЕЗУБЫ́ТОЧН//ЫЙ, -ая, -ое зарар кьолареб, зарар ккола-реб; **~ое предприя́тие** зарар кьолареб предприятие, хайир кьолеб предприятие

БЕЗУДА́РНЫЙ, -ая, -ое *лингв.* ударение гьечIеб; ~ **слог** ударение гьечIеб слог

БЕЗУ́ДЕРЖНЫЙ, -ая, -ое кквей гьечIеб, кквезе кIолареб, чIезабизе кIолареб; ~ **смех** чIезабизе кIолареб (чвахун унеб) релъи

БЕЗУКОРИ□ЗНЕНН//ЫЙ, -ая, -ое гIайиб-хатIа гьечIеб, мукъсанлъи гьечIеб, камилаб, гIайиб чIвазе бакI гьечIеб; **~ая рабо́та** гIайиб чIвазе бакI гьечIеб хIалтIи, камилаб хIалтIи

БЕЗУ́МЕЦ *м* (*безрассудный человек*) гIакълугьечI, ахIмакъ, гьагула

БЕЗУ́МИ//Е *с* 1) *уст.* (*сумасшествие*) ахIмакълъи, гIантлъи, гIадаллъи; гIакълу гьечIолъи, гьаглъи 2) (*безрассудство*) гIакълу гьечIого гьабураб иш, гIантаб иш, гьагаб иш; **до ~я** цIакъ гIемер, цIакъ кутакалда, гIорхъолъа борчIун, хIисаб тун, лъавудаса ун, хIат гьечIого; **люби́ть до ~я** хIат гьечIого, бокьизе, цIакъ кутакалда бокьизе

БЕЗУ́МН//ЫЙ, -ая, -ое 1) *уст.* (*сумасшедший*) гIантаб, гIадалаб, гьагаб 2) (*безрассудный*) ахIмакъаб, гIантаб, гIадалаб, гьагаб; **~ая отва́га** хIамабагьадурлъи 3) *разг.* цIакъ гIемераб, гIорхъолъа борчIараб, хIат гьечIеб, хIисаб тун цIикIкIараб; **~ые це́ны** хIисаб тун цIикIкIарал багъаби

БЕЗУ́МОЛЧНО *нареч.* гьаракъ гьоркьоса къотIичIого, чIечIого (*гаргадизе*)

БЕЗУМО́ЛЧНЫЙ, -ая, -ое гьоркьоса къотIи гьечIеб, къотIулареб (*гьаракь, сас*); ~ **шум мо́ря** ралъдал къотIулареб хъуй

БЕЗУ́МСТВО *с см.* **безу́мие**

БЕЗУ́МСТВОВАТЬ *несов.* гIадалал ишал гьаризе, гIантал ишал гьаризе, гьагал ишал гьаризе

БЕЗУПРЕ́ЧНОСТЬ *ж* гIайиб гьечIолъи, мукъсанлъи гьечIолъи, бацIцIалъи, камиллъи, багъана гьечIолъи; ~ **поведе́ния** хьвада-чIвадиялъул камиллъи

БЕЗУСЛО́ВНО *в знач. вводн. сл.* шаклъи гьечIо; **~, ты прав** щаклъи гьечIо, мун витIарав вуго

БЕЗУСЛО́ВН//ЫЙ, -ая, -ое шартI гьечIеб, калам къотIараб; щаклъи гьечIеб, бай-хъвай гьечIеб, тIубараб; **~ое дове́рие** тIубараб божилъи

БЕЗУСПЕ́ШНО 1. *нареч.* гIадада, битIун ккечIого, мурадалде щвечIого, хIасил ккечIого, ахир ккечIого; **мы ~ иска́ли их** нижеца гIадада ралагьулел рукIана дол **2.** *в знач. сказ.* битIун

ккечIо, гIадада ккана, хIасил ккечIо; **всё бы́ ло** ~ кинабго гIадада ккана

БЕЗУСПЕ́ШНЫЙ, -ая, -ое гIададисеб, битIун ккечIеб, мурадалде щвечIеб

БЕЗУСТА́НН//ЫЙ, -ая, -ое свак гьечIеб, свак лъалареб, чIей гьечIеб, гьоркьоса къотIичIеб; **~ая рабо́та** свак гьечIеб хIалтIи, гьоркьоса къотIичIеб хIалтIи

БЕЗУ́ С//ЫЙ, -ая, -ое 1) михъал гьечIев; **~ый мужчи́на** михъал гьечIев бихьинчи 2) *перен. разг.* балугъльичIев, михъида хIур чIвачIев, гIолохъанав; **~ый мальчи́ шка** михъида хIур чIвачIев вас 3) *с.-х.* симил (кьох) гьечIеб; **~ая пшени́ ца** симил гьечIеб тIоралъул ролъ

БЕЗУТЕ́ШН//ЫЙ, -ая, -ое чучулареб, чучи гьечIеб, гIодоцунареб; хIалхьи гьечIеб; **~ое го́ре** чучулареб пашманлъи (къварилъи), чучи гьечIеб пашманлъи (къварилъи)

БЕЗУ́ ХИЙ, -ая, -ое гIин гьечIеб

БЕЗУЧА́СТИЕ *с,* **безуча́стность** *ж* батIалъи гьечIолъи, ургъел гьечIолъи, кIвар кьунгутIи, гьоркъоб гIахьаллъунгутIи

БЕЗУЧА́СТН//ЫЙ, -ая, -ое батIалъи гьечIеб, ургъел гьечIеб, кIвар кьоларе6, гъорлъ гIахьаллъуларе6; **~ое отноше́ние** ургъел гьечIеб бербалагьи

БЕЗЪ- *приставка см.* **без-;** “е”, “ю”, “я” *хIарпазда цебе* **без-***приставкаялъул бакIалда хъвалеб вариант, мас.*: **безъязы́ кий** мацI лъаларев

БЕЗЪЯ́ ДЕРН//ЫЙ, -ая, -ое атомияб ярагъ гьечIеб; **~ая зо́на** атомияб ярагъ гьечIеб зона

БЕЗЫДЕ́ЙНОСТЬ *ж* идея гьечIолъи

БЕЗЫДЕ́ЙН//ЫЙ, -ая, -ое идея гьечIеб; **~ое произведе́ние** идея гьечIеб асар

БЕЗЫМЯ́ ННЫЙ, -ая, -ое цIар гьечIеб; ~ **бродя́ га** цIар лъаларев саяхъ, къватIулав ◊ ~ **па́лец** рохкилищ

БЕЗЫНИЦИАТИ□ВНЫЙ, -ая, -ое жигарчилъи гьечIев, хIаракат гьечIев; ~ **рабо́тник** жигарчилъи гьечIев хIалтIухъан

БЕЗЫСКУ□ССТВЕННЫЙ, -ая, -ое тIабигIияб, жибго лъугьараб, ургъун бахъараб гуреб; ~ **расска́з** ургъун бахъичIеб хабар

БЕЗЫСХО́ДНЫЙ, -ая, -ое (*безвыходный*) битIизабун бажаруларе6, чара къосараб; (*безутешный*) гIамал къосараб, хIалхьи гьечIеб, чучи гьечIеб; (*нескончаемый*) ахир гьечIеб, лъугIи гьечIеб

БЕЙ, БЕК *м* бег (Г*ьоркьохъеб ва ГIагараб Бакъбаккуда гIисинал феодалазул титул ва цIаралде тIаде жубалеб “господин” абулеб магIнаялъул рагIи*)

БЕЙСБО́Л *м спорт.* бейсбол (*торгIо хIаялъул цо къагIида*)

БЕ́Й(СЯ), БЕ́ЙТЕ(СЬ) *повел. от* **би́ ть(ся)**

БЕКА́Р *м муз.* бекар (*нотаялъулаб ишара*)

БЕКА́С *м* бекас, хьуцIихIинчI

БЕКЕ́ША *ж* бекеша (*рачлихъа къваридаб бихьиназул пальто*)

БЕКО́Н *м* хасаб къагIидаялда бакъвазабураб болъонил мегьед

БЕЛЕН//А́ *ж бот.* гъагъадиро (*загьруяб хералда цIар*) ◊ **бу́дто ~ы́ объе́лся** гIадаллъун вуго, гIантлъун вуго (*хер щварав гIадин вуго*)

БЕЛЁНЫЙ, -ая, -ое хъахIлъизабураб; ~ **холст** хъахIлъизабураб хIебет

БЕЛЁС//ЫЙ, -ая, -ое хъахIккараб, хъахIчIараб; **~ые бро́ви** хъахIчIарал кьунсрул

БЕЛЕ́ТЬ *несов.* 1) (*становиться белым*) хъахIлъизе 2) (*виднеться — в белом*) хъахIго бихьизе, хъахIлъун бихьизе

БЕЛЕ́ТЬСЯ *несов. см.* **беле́ть** 2

БЕЛИБЕРДА́ *ж* чIана, вири-вара, хочI-хабар, магIна гьечIеб рагIи

БЕЛИЗНА́ *ж* хъахIлъи́

БЕЛИ□ЛА *мн.* 1) (*краска*) белила (*хъахIаб минералияб релъен*) 2) (*в косметике*) белила (*гьурмада бахунеб хъахIрелъен*)

БЕЛИ́ ТЬ *несов. что* 1) (*красить*) хъахI гьабизе; ~ **сте́ны** къадал хъахI гьаризе 2) (*мазать*) хъахI гьабун, бохьизе 3) (*отбеливать*) хъахIлъизабизе

БЕ́ЛИЧ//ИЙ, -ья, -ье гвангвадул, гвангваялъул; **~ья шу́ба** гвангвадул цIаказул тIимугъ

БЕ́ЛКА *ж* гвангва ◊ **крути́ ться как** ~ **в колесе́** чIей гьечIого, квалквадизе, вортанхъизе, сундаго чIвазе

БЕЛКО́В//ЫЙ, -ая, -ое *биол. хим.* белокалъулаб; **~ое вещество́** белок гъорлъ бугеб вещество

БЕЛЛЕТРИ́СТ *м* беллетрист (*беллетристикиял асаразул автор*)

БЕЛЛЕТРИ́ СТИКА *ж* беллетристика (*бицунеб хабар хIисабалда хъвараб художествияб литература: роман, къиса, харбал*); *разг. бигьаго цIалулел асарал*

БЕЛЛЕТРИСТИ́ ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое беллетристикияб; **~ие произведе́ния** беллетристикиял асарал

БЕЛО- *журарал рагIабазулъ «хъахI», «хъахIаб» абураб магIна кьолеб тIоцебесеб бутIа, мас.*: **белоли́ цый** гьумерхъахI

БЕЛОБОРО́ДЫЙ, -ая, -ое мегеж хъахIав; мегежхъахI

БЕЛОБРЫ́СЫЙ, -ая, -ое *разг.* канчIхъахIаб расалъул, кьунсрул, тIелхал хъахIав; хъахIав; расхъахI (*дагьав инжит гьавун абулеб рагIи*)

БЕЛОВО́Й, -ая, -ое цIидасан, бацIцIадго хъвараб (*гьабулебщинаб хиса-баси гьабун, хадуб цIидасан бацIцIадго хъвараб*); ~ **экземпля́ р** бацIцIадго хъвараб экземпляр

БЕЛОГВАРДЕ́ЕЦ м белогвардеец, хъахIаб гвардиялъулав, хъахIазулав

БЕЛОГВАРДЕ́ЙСК//ИЙ, -ая, -ое хъахIаб гвардиялъулаб; **~ие ба́нды** хъахIаб гвардиялъулал бандал, хъахIазул бандал, хъахIал бандал

БЕЛОГОЛО́ВЫЙ, -ая, -ое **1.** бетIер хъахIаб **2.** *в знач. сущ. м* бетIерхъахI

БЕЛО́К м 1) *биол. хим.* белок (*чIагояб организм жидедасан лъугьарал жалазул цояб*) 2) (*яйца*) хъахIхоно, хъахIаб хоно 3) (*глаза*) хъахIбер

БЕЛОКА́МЕНН//ЫЙ, -ая, -ое хъахIаб ганчIил, хъахIганчIилаб; **~ая ба́шня** хъахIганчIил си, хъахIаб ганчIил бараб си

БЕЛОКРО́ВИЕ *с* би хъахIлъи (*биялда гьорлъ лейкоцитал гIемерлъиялъ лъугьунеб унти — лейкемия, лейкоз*)

БЕЛОЛИ́ ЦЫЙ, -ая, -ее **1.** цIакъго гьумер хъахIаб, бахьинаб гьумералъул **2.** *в знач. сущ. м* гьумерхъахI

БЕЛОРУ́ С *м* белорусав

БЕЛОРУ́ ССКА *ж* белорусай

БЕЛОРУ́ ССКИЙ, -ая, -ое беларусазул; ~ **язы́ к** беларусазул мацI, беларус мацI

БЕЛОРУ́ СЫ *мн.* белорусал

БЕЛОРУ́ЧКА *ж, м разг.* квералхъахI (*захIматаб, хъубаб хIалтIи гьабуларев чи*)

БЕЛОРЫ́ БИЦА *ж* белорыбица (*лосось тайпаялъул ччугIа*)

БЕЛОСНЕ́ЖН//ЫЙ, -ая, -ое гIазухъахIаб; **~ое бельё** гIазухъахIаб гьоркьанретIел

БЕЛОШВЕ́ЙКА *ж* гьоркьанретIел букъулей юкъарухъан

БЕЛОШВЕ́ЙНЫЙ, -ая, -ое гьоркьанретIел букъулеб

БЕЛУ́ Г//А *ж* белуга (*осетр тайпаялъул чIахIияб ччугIа*) ◊ **реве́ть ~ой** вахIшиял гьаркьал гьарун, ахIдезе, гIодизе

БЕЛУ́ Ж//ИЙ, -ья, -ье белугаялъул, белугаялъулаб; **~ья икра́** белугаялъул икра, белугаялъул хьон

БЕ́Л//ЫЙ, -ая, -ое **1.** 1) хъахIаб; **~ые облака́** хъахIал накIкIал 2) гвангъараб, канаб; **~ые но́чи** канал (гвангъарал) сардал **2.** *в знач. сущ.* **~ый** *м* (*белогвардеец*) хъахIав **3.** *в знач. сущ.* **~ые** (*шахматы, шашки*) хъахIал; **игра́ть ~ыми** хъахIаздалъун (*шахматал, шашкаби*) хIазе ◊ **~ое мя́ со** гIанкIудул ялъуни бачил гьан; **~ые стихи́** рифма гьечIел кучIдул; **~ый биле́т** *разг.* рагъулаб хъулухъалдаса эркен гьавиялъул свидетельство; **средь ~а дня** гIададакъад

БЕЛЬГИ́ ЕЦ *м* бельгияв

БЕЛЬГИ́ ЙКА *ж* бельгияй

БЕЛЬГИ́ ЙСКИЙ, -ая, -ое Бельгиялъул, бельгиялъулаб

БЕЛЬГИ́ ЙЦЫ *мн.* бельгиял

БЕЛЬЁ *с* гьоркьанретIел; *хъахIаб ххамил гьабураб* бусадул къайи-къоно; **ни́ жнее** ~ гьоркьанретIел; **посте́льное** ~ бусадул белье (*шаршав, къандалъодул ва юргъаналъул лъулдул ва ц.*)

БЕЛЬЕВО́Й, -ая, -ое гьоркьан ретIелалъе, бусадул къайи-къоноялъе бугеб *(шкаф)*

БЕЛЬМЕ́С: ни ~а не знать *прост.* щибниги жо лъангу-тIизе, тIириги лъангутIизе

БЕЛЬМО́ *с* ясбералда лъугьунеб хъахIаб тIанкI; хьухь ◊ **как** ~ **на глазу́** бадив къан вукIине

БЕЛЬЭТА́Ж *м* бельэтаж (1 *кIалгIабазул кIиабилеб тIала 2 театралда гIадамал чIезе гьарурал рагъабазул кIиабилеб тIала*)

БЕЛЯ□К *м* 1) гIалхул гIанкI (*хасало хъахIлъулеб*) 2) (белякиʹ) карачелазул хъахIал балал

БЕМО́ЛЬ *м муз.* бемоль (*нотабазулаб ишара*)

БЕНГА́ЛЕЦ *м* бенгалав

БЕНГА́ЛКА *ж* бенгалай

БЕНГА́ЛЬСКИЙ, -ая, -ое бенгалазул, бенгалазулаб, бенгал; **~ язы́к** бенгалазул мацI, бенгал мацI ◊ **~ ого́нь** бенгал цIа (*хасал жалаздасан хIадур гьарурал кеп-хочIалъе цIа рекIинабулел гIучIал*)

БЕНГА́ЛЬЦЫ *мн*. бенгалал

БЕНЕФИ□С *м* бенефис (*гIахьаллъи гьабулезул цоясе пайдаялъе гIоло лъолеб спектакль*)

БЕНЗИ́Н *м* бензин

БЕНЗИ□НОВЫЙ, -ая, -ое бензиналъул; **~ за́пах** бензина-лъул махI

БЕНЗОБА́К *м* бензобак, бензиналъул бак, бензин тIолеб бак

БЕНЗОВО́З *м* бензовоз (*бензин баччулеб машина*)

БЕНЗОЗАПРА́ВОЧН//ЫЙ, -ая, -ое бензин тIолеб (*автомобилазе ва ц.*); **~ая коло́нка** бензин тIолеб колонка

БЕНЗОЗАПРА́ВЩИК *м* бензозаправщик, бензин тIолев чи (*автомобилазе ва ц.*)

БЕНЗОКОЛО́НКА ж бензоколонка, бензин тIолеб колонка (*автомобилазе ва ц.*)

БЕНЗОХРАНИ́ЛИЩЕ *с* бензин цIунулеб бакI

БЕРДА́НКА *ж уст*. берданка туманкI

БЕ́РЕГ *м* 1) рагIал (*ралъдал, гIурул, хIорил*); **~ мо́ря** ралъдал рагIал; **река́ вы́шла из ~о́в** гIор рагIаллъабаздаса къватIибе кIанцIана

БЕРЕГОВО́Й, -а́я, -о́е (*ралъдал*) рагIалда бугеб, рагIалалъулаб; **~ ве́тер** ралъдал рагIалдасан пулеб гьури

БЕРЕГУ́, БЕРЕЖЁШЬ *и т. д. наст. от* **бере́чь**

БЕРЕДИ́ТЬ *несов. что* унтизабизе (*ругънада хъван, гьеб унтизабизе, хIунсизабизе*); **~ ра́ну** ракI унтизабизе (*бокьулареб жо ракIалде щвезабизе*); рахIат хвезабизе

БЕРЕЖЛИ́ВОСТЬ *ж* цIуна-къай

БЕРЕЖЛИ□ВЫЙ, -ая, -ое цIуна-къай бугев, цIуна-къай гьабулев, нахърател гьабулев; **~ челове́к** цIуна-къай бугев чи, цIуна-къай гьабулев чи, нахърател гьабулев чи

БЕ́РЕЖН//ЫЙ, -ая, -ое тIалаб-агъаз гьабулев, агъаз бугев (чи); хIисабалда, цIодорго *щибниги* гьабулев чи

БЕРЁЗА *ж* мах, махигъветI

БЕРЕЗНЯ́К *м* махил рохь, махирохь

БЕРЁЗОВ//ЫЙ, -ая, -ое махил; **~ые дрова́** махил цIул

БЕРЕ́МЕНЕТЬ *несов*. къинай лъугьине, къинай яхъине

БЕРЕ́МЕННАЯ 1. *прил*. къинай **2.** *в знач. сущ. ж* къинай

БЕРЕ́МЕННОСТЬ *ж* къинай йикIин, лъимаде йикIин

БЕРЕСТА́ *ж* махил гъотIол хъал, махил гъотIол макъар, махил макъар

БЕРЁСТОВЫЙ, -ая, -ое **берестяно́й**, -а́я, -о́е махил макъаралъул (*гьабураб*)

БЕРЕ́Т *м* берет (*сукнодул ялъуни къатIипадул щомели гьечIеб тIагъур*)

БЕРЕ́ЧЬ *несов*. 1) *что* (*экономить*) гIадада хвезабунгутIизе, цIунизе; **~ ка́ждую копе́йку** щибаб капек цIунизе 2) *кого-что* (*оберегать*) цIунизе; **~ сы́на** вас цIунизе ◊ **~ как зени́цу о́ка** ясбер гIадин цIунизе

БЕРЕ́ЧЬСЯ *несов. кого-чего и без доп*. цIунун чIезе; **~ простуды** квачалдаса цIунун чIезе; **береги́сь!** цIодорлъи гьаебе! нахъе къай!

БЕРИ́ЛЛИЙ *м* бериллий (*хим. элемент, металл*)

БЕ́РКОВЕЦ *м* берковец (*цебе гIурусаз хIалтIизабулеб букIараб роцен, 10 пуд*)

БЕ́РКУТ *м* беркъотI

БЕРЛО́ГА *ж* цидул бусен, рукIун, хасало ци бегулеб бакI

БЕРУ́(СЬ), БЕРЁШЬ(СЯ) *и т. д. наст. от* **бра́ть(ся)**

БЕРЦО́В//ЫЙ, -ая, -ое рицIимахIуялъул; **~ая кость** рицIимахIуялъул ракьа

БЕС *м* шайтIан, илбис, жен; **~ меня́ попу́тал** илбисалъ къосизавуна дун, шайтIаналъ къосизавуна дун

БЕС- *приставка см.* **без-** : *гъугъал рагьукъал хIарпазда цебе* **без-** *приставкаялъул бакIалда хъвалеб вариант, мас.*: **бескра́йний** рагIа-ракьан гьечIеб

БЕСЕ́Д//А *ж* гара-чIвари, накъит; **провести́ ~у** гара-чIвари гьабизе, накъит гьабизе

БЕСЕ́ДКА *ж* беседка (*ахикь хIухьбахъиялъе, гIодор чIун гаргадизе гьабураб берцинаб тIадхъел*)

БЕСЕ́ДОВАТЬ *несов. с кем* гара-чIвари гьабизе, накъит гьабизе, кIалъа-ралъазе; **дру́жески ~** ракI жубан гара-чIвари гьабизе

БЕСИ́ТЬ *несов. кого-что* щцидахинабизе, тIури бачIинабизе

БЕСИ́ТЬСЯ *несов*. 1) (*заболевать бешенством — о животных*) тIурул унти щвезе 2) *разг*. (*неистовствовать*) щцидахине, тIури бачIине, щвезе 3) *разг*. (*резвиться*) цулъизе ◊ **он с жи́ру бе́сится** дов (*гIорцIиялъ*) цулъун вуго

БЕСКЛА́ССОВ//ЫЙ, -ая, -ое классал гьечIеб, классазде бикьичIеб; **~ое о́бщество** классал гьечIеб общество, классазде бикьичIеб общество

БЕСКОЗЫ́РКА *ж* матростIагъур, щомелигьечI (*щомели гьечIеб матросасул фуражка*)

БЕСКОНЕ́ЧНО *нареч*. лъугIи гьечIого, рагIа-ракьан гье-чIого, гIорхъи гьечIого, ахир гьечIого, даимго; халатго

БЕСКОНЕ́ЧНОСТЬ *ж* лъугIи гьечIолъи, рагIа-ракьан гьечIолъи; гIурхъи гьечIого, ахир гьечIого, даимлъи

БЕСКОНЕ́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*безграничный*) гIурхъи гьечIеб, рагIа-ракьан гьечIеб; **~ое мирово́е простра́нство** рагIа-ракьан гьечIеб дунял-гIалам 2) (*длительный*) лъугIи гьечIеб, лъугIел гьечIеб, ахир гьечIеб, халат бахъараб; **~ые разгово́ры** лъугIи гьечIеб гаргар ◊ **~ая дробь** *мат*. лъугIи гьечIеб дробь

БЕСКОНТРО́ЛЬНОСТЬ *ж* контроль гьечIолъи, хъаравуллъи гьечIолъи, жибго жиндего рехун тей

БЕСКОНТРО́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое контроль гьечIеб, хъаравуллъи гьечIеб, хадуб хал кколареб, жибго жиндего рехун тараб

БЕСКОНФЛИ́КТНЫЙ, -ая, -ое дагIба-рагIи гьечIеб, къец гьечIеб

БЕСКО́РМИЦА *ж* рагIи-хер гьечIолъи, рогIокълъи, рагIихер дагълъи

БЕСКОРЫ□СТИЕ *с*, **бескоры́стность** *ж* хъантIи гьечIолъи, напсияб мурад гьечIолъи, жиндиего пайда-хайир мурадлъун гьечIолъи

БЕСКОРЫ□СТНЫЙ, -ая, -ое хъантIи гьечIеб, напсияб мурадалда гьабулеб гуреб, жиндиего пайда-хайиралъе гIоло гьабулеб гуреб; **~ челове́к** напсияб мурад гьечIого, лъикIлъи гьабулев чи

БЕСКО́СТНЫЙ, -ая, -ое ракьа гьечIеб

БЕСКРА́ЙНИЙ, -ая, -ое рагIа-ракьан гьечIеб, гIурхъи гьечIеб; **~ просто́р** рагIа-ракьан гьечIеб бакI, гIатIилъи

БЕСКРИ□ЗИСНЫЙ, -ая, -ое кризисал гьечIеб, кризисал рукIунареб

БЕСКРО́ВН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*бледный*) би гьечIеб, би дагьаб; кьерукъаб, кьер гьечIеб; **~ые гу́бы** кьер гьечIел кIутIби 2) (*без кровопролития*) биял тIечIого гьабураб; **~ая побе́да** биял тIе-чIого босараб бергьенлъи, бигьаяб бергьенлъи

БЕСКУЛЬТУ́РЬЕ с культура гьечIолъи

БЕСНОВА́ТЫЙ, -ая, -ое *разг*. ахIмакъав, щайтIаби рачIунев, тIури щварав

БЕСНОВА́ТЬСЯ *несов*. тIури щвезе, шайтIаби рачIине; кутакалда щцидахине, хехдаризе, вортанхъизе

БЕСПА́ЛЫЙ, -ая, -ое килищ гьечIеб, килщал гьечIеб

БЕСПА́МЯТНЫЙ, -ая, -ое ракIалда жо чIоларев, хехго кIочонев

БЕСПА́МЯТСТВ//О *с* лъавудаса ин; **в ~е** лъавуда гьечIого; **впасть в ~о** лъавудаса ине

БЕСПАРДО́НН//ЫЙ, -ая, -ое намус тIагIараб, нич тIагIараб, намус гьечIеб, нич гьечIеб, адаб тараб, адаб гьечIеб; **~ая ложь** намус тIагIараб гьереси, лахIчIегIераб гьереси

БЕСПАРТИ́ЙНОСТЬ *ж* партиялда гьечIолъи

БЕСПАРТИ□ЙН//ЫЙ, -ая, -ое **1.** партиялда гьечIев **2.** *в знач. сущ.* **~ый** *м* партиялда гьечIев; **~ая** *ж* партиялда гьечIей

БЕСПА́СПОРТНЫЙ, -ая, -ое паспорт гьечIев

БЕСПЕРЕБО́ЙН//ЫЙ, -ая, -ое гьоркьоб къотIичIеб, гьоркьоса тIечIеб; **~ая рабо́та мото́ра** моторалъул гьоркьоса къотIи гьечIеб хIалтIи

БЕСПЕРЕСА́ДОЧН//ЫЙ, -ая, -ое рещтIен гьечIеб, рещтIен гьабизе кколареб (цоялдасаги рештIун, цогидалда рекIине кколареб); **~ое сообще́ние** пересадка гьечIеб бухьен

БЕСПЕРСПЕКТИ□ВН//ЫЙ, -ая, -ое цебетIей букIине гьечIеб, букIинеселде хьул гьечIеб; **~ая рабо́та** цебетIеялде, букIинеселде хьул гьечIеб хIалтIи

БЕСПЕЧА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое къварилъи (пашманлъи) гьечIеб, къварилъи (пашманлъи) бихьулареб; **~ое существова́ние** къварилъи (пашманлъи) гьечIеб гIумру

БЕСПЕ́ЧНОСТЬ *ж* агъаз гьечIолъи, тIалаб гьечIолъи (*беззаботность*), ургъел гьечIолъи (*безразличие*), тасамахIлъи (*халатность*)

БЕСПЕ́ЧНЫЙ, -ая, -ое ургъел гьечIеб (*безразличный*), тасамахIаб (*халатный*); **~ый челове́к** агъаз гьечIев чи, тасамахIлъи биччалев чи

БЕСПИ´ СЬМЕННН//ЫЙ, -ая, -ое хъвай-хъвагIай гьечIеб; **~ые наро́дности** хъвай-хъвагIай гьечIел халкъал; **~ый язы́к** хъвай-хъвагIай гьечIеб мацI

БЕСПЛА́НОВОСТЬ *ж* план гьечIолъи

БЕСПЛА́НОВ//ЫЙ, -ая, -ое план гьечIеб; **~ая рабо́та** план гьечIеб хIалтIи, план гьечIого, гьабулеб хIалтIи

БЕСПЛА́ТН//ЫЙ, -ая, -ое мухь босулареб, чIобого кьолеб, чIобого гьабулеб, мухь гьечIеб; **~ая медици́нская по́мощь** чIобого гьабулеб медицинаялъулаб кумек; **~ое обуче́ние** мухь босичIого, цIализари, мухь босулареб цIали

БЕСПЛО́ДИЕ *с* 1) (*человека*) лъимер гьабунгутIи 2) *см.* **бесплодность** 1)

БЕСПЛО́ДНОСТЬ *ж* 1) (*почвы*) щибниги бижунгутIи, гъветI-хер бижунгутIи, 2) *перен.* (*безрезультатность*) пайда гьечIолъи, хIасил ккунгутIи

БЕСПЛО́ДН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*не дающий потмства*) лъимер гьабулереб, тIинчI гьабулареб, кънилъулареб 2) (*о почве*) жо бижулареб 3) *перен.* (*безрезультатный*) хIасил кколареб, пайда гьечIеб, гIададисеб; **~ые уси́ лия** гIададисеб хIалбай (къуват кьей)

БЕСПОВОРО́ТНОСТЬ *ж* хиси гьечIолъи, кьури гьечIолъи, хисунгутIи, кьурунгутIи

БЕСПОВОРО́ТН//ЫЙ, -ая, -ое хиси гьечIеб, кьури гьечIеб, хисулареб, кьуруларе6; **~ое реше́ние** кьури гьечIеб хIукму, хисулареб хIукму

БЕСПОДО́БН//ЫЙ, -ая, -ое жинда релълъараб цоги гьечIеб, бергьун лъикIаб, камилаб

БЕСПОЗВОНО́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое гьод гьечIеб, гьодал гьечIеб, гьодимокъ гьечIеб; **~ые живо́тные** гьодимокъ гьечIел хIайванал, гьодимокъ гьечIел рухIчаголъаби

БЕСПОКО́//ИТЬ *несов. кого-что* 1) (*волновать*) рахIат хвезабизе; хIинкъи, ургъел ккезабизе; **меня´ ~ит его отсу́тствие** дов гьечIолъиялъ дир рахIат хвезабулеб буго 2) (*мешать*) авара гьабизе, квалквал гьабизе; **вас не ~ит шум?** хъуялъ нужее квалквал гьабулеб гьечIищ? 3) (*нарушать покой*) рахIат хвезабизе, лазат бахъизабизе, чIалгIинабизе; **не ~йте его́!** гьесул рахIат хвезабуге! гьесие лазатбахъи гьабуге

БЕСПОКО́//ИТЬСЯ *несов.* 1) (*волноваться*) ургъел ккезе, рахIат хун лъугьине, ургъалида вукIине; **не ~йся, всё бу́дет в поря´дке!** ургъел ккоге, кинабго битIа-бишун ккела! 2) (*утруждать себя*) захIмат тIаде босизе; **не ~йтесь, я сам сде́лаю э´то** ургъел чIваге, дицаго гьабила гьеб

БЕСПОКО́ЙНО 1. *нареч.* рахIат хун, рахIат гьечIого, рахIат тIагIун, биххун, цо хIалалда чIезе кIоларого **2.** *в знач. сказ. безл.* рахIат хун буго, рахIат гьечIого вуго; **на душе́** ~ рекIее рахIат гьечIо, рекIел рахIат хун буго

БЕСПОКО́ЙН//ЫЙ, -ая, -ое 1) рахIат гьечIеб, цо хIалалда чIезе кIолареб; **~ый челове́к** рахIат гьечIев чи, цо хIалалда чIезе кIоларев чи 2) рахIат хвезабулеб, лазат бахъараб; **~ая рабо́та** лазат бахъараб хIалтIи

БЕСПОКО́ЙСТВО *с* 1) (*волнение, тревога*) рахIатхвей; ургъел, хIинкъи ккей 2) (*заботы, хлопоты*) тIалаб-агъаз, иш, квалквади, милат; **прости´те за ~!** тIаса лъугьа рахIат хвезабиялдаса (*рахIат хвезабиялъе гIоло*)

БЕСПОЛЕ́ЗНО 1. *нареч.* гIадада, пайда гьечIого, хайир гьечIого, мунпагIат гьечIого **2.** *в знач. сказ.* пайда гьечIо, хайир гьечIо, мунпагIат гьечIо, гIададисеб буго, жо кколаро; **спо́рить ~** дагIбадун пайда гьечIо, дагIбадун жо кколаро

БЕСПОЛЕ́ЗН//ЫЙ, -ая, -ое пайда гьечIеб, хайир гьечIеб, мунпагIат гьечIеб, гIададисеб; **~ое заня´тие** гIададисеб иш; **~ые уси´ лия** гIададисеб хIалбай, къуват кьей

БЕСПО́Л//ЫЙ, -ая, -ое бихьинлъи-цIулъи гьечIеб, би-хьинлъи-цIулъиялъул гIаламатал гьечIеб ◊ **~ое размно́жение** хьон гьечIеб рижи (*бихьинлъиялъул ва цIулъиялъул клеткаби цолъун гуреб, цоги батIияб къагIидаялда рижи лъугьин, мас.: цо-цо гъветI-хералъул*)

БЕСПО́МОЩНОСТЬ *ж* 1) кумек гьечIолъи, кумек хIажалъи, гIажизлъи, загIиплъи, язихълъи, чиякълъи 2) *перен.* гьунар гьечIолъи, бажари гьечIолъи, чIаголъи гьечIолъи, жигар гьечIолъи

БЕСПО́МОЩНЫЙ, -ая, -ое 1) кумек гьечIеб, кумек хIажатаб, гIажизаб, загIипаб, язихъаб, чиякъаб 2) *перен.* гьунар гьечIеб, бажари гьечIеб, чIаголъи гьечIеб, жигар гьечIеб, чIанкI гьечIеб

БЕСПОРО́ДН//ЫЙ, -ая, -ое жинс лъикIаб гуреб, тайпа лъикIаб гуреб; **~ая поро́ва** лъикIаб тайпаялъул гуреб гIака

БЕСПОРО́ЧНОСТЬ *ж* гIайиб гьечIолъи, хатIа гьечIолъи, мукъсанлъи гьечIолъи, гIайиб чIвазе бакI гьечIолъи, бацIцIалъи

БЕСПОРО́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое гIайиб гьечIеб, мукъсанлъи гьечIеб, хатIа гьечIеб, камилаб, бацIцIадаб; **~ая слу́жба** бацIцIадаб хъулухъ

БЕСПОРЯ´ Д//ОК *м* 1) гIадлу гьечIолъи, гIадлу-низам гьечIолъи, гIадлу биххи, низам биххи, гIадлу-низам биххи; **в ко́мнате ~ок** рокъоб гIадлу-низам гьечIо; **отступа́ть в ~ке** гIадлу-низам би-ххун, нахъе къазе 2) *мн.* **~ки** *уст.* гъалмагъир; багъа-бачари, бихха-хочи (*халкъалъул*)

БЕСПОРЯ´ ДОЧН//ЫЙ, -ая, -ое гIадлу-низам гьечIеб, гIадлу гьечIеб, жуба-гъубараб; **~ые запи´ски** жуба-гъубараб хъвай-хъвагIай

БЕСПОСА́ДОЧНЫЙ, -ая, -ое: ~ **перелёт** гIодоб рещтIинчIеб (рещтIен гьечIеб) роржин

БЕСПО́ЧВЕНН//ЫЙ, -ая, -ое кьучI гьечIеб, мугъчIвай гьабизе бакI гьечIеб, аслу гьечIеб; **~ое обвине́ние** кьучI гьечIеб гIайиб чIвай, гIайиб гIунтIизаби

БЕСПО́ШЛИННЫЙ, -ая, -ое кумурук гьечIеб, кумурук кьезе кколареб, кумурук (*магъало*) босулареб

БЕСПОЩА́ДН//ЫЙ, -ая, -ое гурхIел гьечIеб, рахIму гьечIеб, цIоб гьечIеб, гурхIел тIагIараб, рахIму тIагIараб; **~ая распра́ва** рахIму гьечIеб жаза, гурхIел гьечIеб тамихI

БЕСПОЩА́ДНО *нареч.* гурхIел гьечIого, гурхIел тун, цIоб гьечIого, цIоб тун, рахIму гьечIого; ~ **бить врага́** гурхIел тун, тушман вухизе, тушманасда кьаби щвезабизе

БЕСПРА́ВИЕ *с* ихтияр гьечIолъи

БЕСПРА́ВН//ЫЙ, -ая, -ое ихтияр гьечIеб, ихтияраздаса махIрумаб; **~ое положе́ние** ихтияр гьечIеб хIал

БЕСПРЕДЕ́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*безграничный*) гIурхъи гьечIеб, ахир гьечIеб, ргIа-ракьан гьечIеб; **~ая вышина́** ахир гьечIеб борхалъи 2) (*чрезмерный*) роцадаса бахъараб, гIорхъодаса араб, гIурхъи лъалареб, бергьун кIудияб; **~ая любо́вь** гIурхъи лъалареб рокьи, гIорхъодаса араб рокьи, цIакъ кIудияб рокьи

БЕСПРЕДМЕ́ТНЫЙ, -ая, -ое мурад гьечIеб, жаниблъи гьечIеб, чIобогояб, магIна гьечIеб; ~ **спор** чIобогояб дагIба, магIна гьечIеб дагIба

БЕСПРЕКОСЛО́ВНО *нареч.* тIад кIалъачIого, хабар тун; **подчиня´ться** ~ хабар тун, мутIигIлъизе

БЕСПРЕКОСЛО́ВНЫЙ, -ая, -ое калам къотIараб, тIад кIалъазе бакI гьечIеб, данде кIалъай гьечIеб, чIван къотIараб

БЕСПРЕПЯ´ ТСТВЕННО *нареч.* квалквал гьечIого, квекIен гьечIого, нахъчIвай гьечIого, гьукъи гьечIого; ~ **прони´кнуть** *куда-л.* квалквал гьечIого, *кибениги* лъугьине

БЕСПРЕПЯ´ ТСТВЕННЫЙ, -ая, -ое квалквал гьечIеб, квекIен гьечIеб, нахъчIвай гьечIеб, гьукъи гьечIеб; ~ **вход** квалквал гьечIеб жанире лъугьин, гьукъи гьечIеб жанире лъугьин, квекIен гьечIеб жанире лъугьин

БЕСПРЕРЫ́ВНЫЙ, -ая, -ое гьоркьоса къотIичIеб, нахъаса къотIичIеб, чIей гьечIеб, тIаса бичIулареб; даимаб, кидагосеб; ~ **дождь** гьоркьоса къотIичIого балеб цIад

БЕСПРЕСТА́ННО *нареч.* гьоркьоса къотIичIого, чIей гьечIого, лъалхъи гьечIого, даимго, кидаго; **дожди́ шли** ~ цIадал ралел рукIана, гьоркьоса къотIичIого

БЕСПРЕСТА́ННЫЙ, -ая, -ое гьоркьоса къотIулареб, чIей гьечIеб, лъалхъи гьечIеб; даимаб, кидагосеб

БЕСПРЕЦЕДЕ́НТНЫЙ, -ая, -ое цебехун жиндие мисал гьечIеб; ~ **слу́чай** цебехун жиндие мисал гьечIеб (кидаго лъугьинчIеб, ккечIеб гIадаб) лъугьа-бахъин

БЕСПРИ́ БЫЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое хайир гьечIеб, пайда гьечIеб, мунпагIат гьечIеб; **~ая торго́вля** хайир гьечIеб даран

БЕСПРИДА́ННИЦА *ж* росасе унелъул цадахъ босизе къайи-къоно гьечIей мискинай яс

БЕСПРИЗО́РНИК *м* рукъ гьечIого, балагьизе чи гьечIого, къватIахъ хутIараб лъимер, милат гьабизе щивниги чи гьечIеб лъимер

БЕСПРИЗО́РНИЦА *ж* балагьизе чи гьечIого, къватIахъ хутарай гьитIинай яс

БЕСПРИЗО́РН//ЫЙ, -ая, -ще **1.** 1) (*бездомный*) рукъ гьечIев, балагьизе чи гьечIев, къватIазда хутIарав 2) (*заброшенный*) балагьичIого, кIвар кьечIого, рехун тараб; **~ое хозя́йство** рехун тараб магIишат **2.** *в знач. сущ.* **~ый** *м* балагьизе чи гьечIого, къватIазда хутIарав (вас) **3.** *в знач. сущ.* **~ая** *ж* балагьизе чи гьечIого, къватIазда хутIарай (яс)

БЕСПРИМЕ́РН//ЫЙ, -ая, -ое мисал гьечIеб, жинда релъгьараб гьечIеб; **~ая хра́брость** цоги мисал гьечIеб бахIарчилъи

БЕСПРИНЦИ□□ПНОСТЬ *ж* цо ккураб нух гьечIолъи, кьучI гьечIолъи, цо ккураб пикру гьечIолъи

БЕСПРИНЦИ□ПНЫЙ, -ая, -ое цо ккураб нух гьечIеб, кьучI гьечIеб; ~ **челове́к** цо ккураб пикру гьечIев чи, адаб-хасия-талъул къанунал сан гьаруларев чи

БЕСПРИСТРА́СТИЕ *с* цоязул рахъ ккунгутIи, цIахъа-рахъай гьечIолъи; ритIухъгьи

БЕСПРИСТРА́СТНЫЙ, -ая, -ое цоязул рахъ кколареб, цIахъа-рахъай гьечIеб, хасаб мурадалъе гIоло иш гьабулареб, ритIухъгьи бугеб; ~ **судья́** цIахъа-рахъай гьабуларев судияв (диванбег)

БЕСПРИЧИ□ННЫЙ, -ая, -ое гIилла гьечIеб; ~ **смех** гIилла гьечIеб релъи

БЕСПРИЮ□ТНЫЙ, -ая, -ое мина-рукъ гьечIев, вуссунеб бакI гьечIев

БЕСПРОБУ́ ДН//ЫЙ, -ая, -ое ворчIулареб, ворчIи гьечIеб (*макьидаса*); **спать ~ым сном** ворчIулареб макьид восизе ◊ **~ый пья́ница** вигьунарев гьекъолдухъан, вигьин гьечIев гьекъолдухъан

БЕСПРО́ВОЛОЧН//ЫЙ, -ая, -ое телалъул квар-кун гьечIеб; **~ая связь** телалъул квар гьечIеб бухьен

БЕСПРО́ИГРЫШНЫЙ, -ая, -ое можоро бергьинчIого хутIулареб, жо щвечIого хутIулареб, хайир щвечIого хутIулареб; ~ **заём** бергьинчIого хутIулареб заем

БЕСПРОСВЕ́ТН//ЫЙ, -ая, -ое 1) бецIаб, канлъи чIваларе6; **~ая ночь** бецIаб сордо 2) *перен.* рохел гьечIеб, хьул гьечIеб, пашманаб, цIакъ захIматаб, цебехун щибго лъикIаб жо бихьулареб, гьечIеб

БЕСПРОСЫ́ ПНЫЙ, -ая, -ое *разг. см.* **беспробу́дный**

БЕСПРОЦЕ́НТН//ЫЙ, -ая, -ое процентал тIаде жураларе6; **~ая ссу́да** процентал тIаде жураларе6 къарз

БЕСПУ́ ТНИК *м* мекъи ккарав чи, пучав чи

БЕСПУ́ ТНЫЙ, -ая, -ое гIакъилаб мурад гьечIев, бичIчIи гьечIев, нух къосарав, мекъи ккарав, адабалдаса вахъарав; ~ **челове́к** мекъи ккарав чи; пучав чи

БЕСПУ́ ТСТВО *с* мекъиккей, бичIчIи гьечIолъи; пучлъи

БЕССВЯ́ ЗНЫЙ, -ая, -ое бухьен гьечIеб, авал-ахир гьечIеб**;** ~ **расска́з** бухьен гьечIеб хабар

БЕССЕМЕ́ЙНЫЙ, -ая, -ое хъизан гьечIеб, ялгъузаб; ~ **челове́к** ялгъузав чи, хъизан геьечIев чи

БЕССЕРДЕ́ЧИЕ *с,* **бессерде́чность** *ж* гурхIел гьечIолъи, рахIму гьечIолъи, согIлъи

БЕССЕРДЕ́ЧНЫЙ, -ая, -ое ракI согIав, гурхIел гьечIев, инсанлъи гьечIев, рахIму гьечIев; ~ **челове́к** ракI согIав, гурхIел гьечIев чи

БЕССИ́ ЛИЕ *с* 1) (*слабость*) гуч гьечIолъи, къуват гьечIолъи, хIал гьечIолъи, загIиплъи 2) *перен.* (*беспомощность*) гьунар гьечIолъи, бажари гьечIолъи

БЕССИ́ ЛЬНЫЙ, -ая, -ое 1) (*слабый*) гуч гьечIеб, кутак гьечIеб, къуват гьечIеб, хIал гьечIеб, загIипаб 2) *перен.* (*беспомощный*) гьунар гьечIеб, бажари гьечIеб

БЕССИСТЕ́МНОСТЬ *ж* система гьечIолъи, цо ккураб къагIида (низам-тартиб) гьечIолъи

БЕССИСТЕ́МН//ЫЙ, -ая, -ое система гьечIеб, цо ккураб къагIида (низам-тартиб) гьечIеб; **~ые заня́тия** къагIида, низам гьечIел хIалтIаби, пмшаби, ишал

БЕССЛА́ВНЫЙ, -ая, -ое квешаб цIар бахъараб, къадру хвараб, инжитаб; ~ **коне́ц** инжитаб ахир

БЕССЛЕ́ДНО *нареч.* гIуж-лъалкI тIагIун, асар нахъе хутIичIого; ~ **пропасть** лъалкI гьечIого, тIагIине

БЕССЛОВЕ́СН//ЫЙ, -ая, -ое 1) кIал-мацI гьечIеб, кIалъазе кIолареб; **~ое живо́тное** кIал-мацI гьечIеб хIайван 2) гIенеккарав, гара-чIвари дагьав (*молчаливый*); гьабу-гьабуралда тIад рекъолев, дагIба гьабуларев (*безропотный*) ◊ **~ая роль** кIалъазе кколареб роль, кIалъаларе6 роль, кIалъай гьечIеб роль (*театралда*)

БЕССМЕ́ННО *нареч.* хиси гьечIого, даимго, цогиялъ хисичIого; ~ **секрета́рь научного общества** гIелмияб обществоялъул хиси гьечIев секретарь

БЕССМЕ́РТИЕ *с* 1) хвел гьечIолъи, хунгутIи (*хун хадуб хутIулеб рецц, цIар, машгьурлъи*) 2) хун хадуб доб дунялалда даимаб гIумру (*мистикияб, диниябичIчIи*)

БЕССМЕ́РТН//ЫЙ, -ая, -ое 1) хвел гьечIеб, даимаб, кидагоялъе (абадиялъе) нахъе хутIулеб 2) кIочонареб, даимго гIадамазул рекIелъ хутIулеб; **~ое и́мя** хвел гьечIеб цIар; ~ **ая сла́ва** даимаб рецц

БЕССМЫ□СЛЕННЫЙ, -ая, -ое магIна гьечIеб, гIададасеб, гьадингояб, гIадада хвараб, чIалгIадесеб, пикру гьечIеб, магIникъаб

БЕССМЫ́ СЛИЦА *ж* магIна гьечIеб жо, гьадингояб жо, чIана, чIанда, магIникъаб жо

БЕССНЕ́ЖН//ЫЙ, -ая, -ое гIазу гьечIеб; **~ая зима́** гIазу гьечIеб кьин (хасел)

БЕССО́ВЕСТНО *нареч.* намус гьечIого, намус тIагIун, нич гьечIого, нич тIагIун

БЕССО́ВЕСТНЫЙ, -ая, -ое намус гьечIев, намус тIагIарав, нич гьечIев, нич тIагIарав; ~ **челове́к** намус гьечIев чи, намус тIагIарав чи

БЕССОДЕРЖА́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое хIасил гьечIеб, магIна гьечIеб, чIобогояб; **~ая статья́** магIна гьечIеб статья (макъала)

БЕССОЗНА́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое 1) лъавудаса арав, гIакълуялдаса арав, лъавуда гьечIев, гIакълуялда гьечIев; **в ~ом состоя́нии** лъавуда гьечIеб хIалалда, гIакълуялдаса араб куцалда 2) ургъичIого лъугьараб, ургъичIого ккараб; **~ый посту́пок** ургъичIого ккараб иш

БЕССОЛЕВ//О́Й, -а́я, -о́е цIан гьечIеб; **~а́я дие́та** цIан гьечIеб диета (*унтарав чиясе чIезабураб кванил низам*)

БЕССО́НИЦА *ж* макьу гьечIолъи, макьу щунгутIи, макьу тIури, макьу тIагIин; **ста́рческая** ~ херлъиялъулаб макьу щунгутIи, херазе хасиятаб кьижизе кIунгутIи

БЕССО́НН//ЫЙ, -ая, -ое макьу гьечIеб, макьу тIурараб, макьу щоларе6, макьу бачIунареб, макьу тIагIараб; **~ая ночь** макьу щоларе6 сордо

БЕССОЮ́ ЗН//ЫЙ, -ая, -ое *грам.* союз гьечIеб; **~ая связь** союз гьечIеб бухьен

БЕССПО́РНО *нареч. в знач. вводн. сл.* дагIба гьечIо, тIад кIалъазе бакI гьечIо; **~, он прав** тIад кIалъазе бакI гьечIо, дов витIарав вуго

БЕССПО́РН//ЫЙ, -ая, -ое дагIба гьечIеб, дагIба къотIараб, тIад кIалъазе бакI гьечIеб; **~ая и́ стина** дагIба гьечIеб хIакъикъат

БЕССРО́ЧНЫЙ, -ая, -ое болжал гьечIеб, заман цIачIеб, кидагосеб, лъугIи гьечIеб, даимаб; ~ **па́спорт** болжал гьечIеб паспорт

БЕССТРА́СТНО *нареч.* хIасрат гьечIого, ракI гьетIичIого, рекIел гьетIи-цIайи гьечIого, гьира-шавкъ гьечIого

БЕССТРА́СТНЫЙ, -ая, -ое хIасрат гьечIеб, рекIел гьетIицIайи гьечIеб, ракI гьетIичIеб, гъира-шавкъ гьечIеб; ~ **челове́к** хIасрат гьечIев чи, гъира-шавкъ гьечIев чи, рекIел гьетIи-цIайи гьечIев чи

БЕССТРА́ШИЕ *с* хIинкъунгутIи, хIинкъи лъангутIи, хIинкъи-къай гьечIолъи

БЕССТРА́ШНЫЙ, -ая, -ое хIинкъулареб, хIинкъи гьечIеб, хIинкъи лъалареб, нахъекъай гьечIеб; ~ **наéздник** хIинкъи лъаларев чотIахъан

БЕССТЫ́ ДНИК *м разг.* ничгьечI, намусгьечI, ничбахъ, намусбахъ

БЕССТЫ□ДНИЦА *ж разг.* ничгьечI, намусгьечI, ничбахъ, намусбахъ

БЕССТЫ□ДНЫЙ, -ая, -ое нич гьечIеб, намус гьечIеб, нич тIагIараб, намус тIагIараб, нич-намус тIагIараб, нич бахъараб

БЕССТЫ́ ДСТВО *с* нич гьечIолъи, намус гьечIолъи, нич тIагIин, намус тагIин, нич-намус тIагIин, ничбахъи

БЕССТЫ́ ЖИЙ, -ая, -ое *прост. см.* **бессты́ дный**

БЕССЧЁТНЫЙ, -ая, -ое хIисаб гьечIеб, рикIкIен гьечIеб, гIурхъи тун (гIорхъолъа ун) гIемераб, рикIкIун хIал кIолареб

БЕСТА́КТНОСТЬ *ж* адаб гьечIолъи, магIна-гIин гьечIолъи, адаб-хIурматалда кIалъазе лъангутIи

БЕСТА́КТНЫЙ, -ая, -ое адаб гьечIев, магIна-гIин гьечIев, адаб-хIурматалда кIалъазе лъаларев, рекъон хьвадизе лъаларев, нух гьечIел жал гьарулев; ~ **челове́к** магIна-гIин, гIурхъи-зани гьечIев чи, адаб-хъатир гьечIев чи

БЕСТАЛА́НН//ЫЙ,[1] -ая, -ое гьунар гьечIев, бажари гьечIев, махщел гьечIев; **~ый поэ́ т** гьунар гьечIев шагIир

БЕСТАЛА́НН//ЫЙ,[2] -ая, -ое *фольк.* талихI гьечIев, насиб гьечIев, битI кколарев, къисмат гьечIев, талихI къарав; **~ая голо́вушка** талихI къараб бетIер

БЕ́СТИЯ *ж прост.* хIиллачи, макручи; бокьарабахъ, кIвар-гьечI; хIалихьат; ничгьечI, намусгьечI

БЕСТОЛКО́ВЩИНА *ж разг.* гIадлу-низам гьечIолъи, жуба-гъубай, гIала-гъважа

БЕСТОЛКО́В//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*непонятливый*) бичIчIи гьечIев, щибго бичIчIуларев, хIинцаб пикруялъул, гIантав, хIехьмахIав; **~ый челове́к** хIехьмахIав чи; 2) (*бессвязный*) бухьен гьечIеб, авал-ахир гьечIеб, бада-гъудураб, гIала-гъважаяб; **~ое объясне́ние** бичIчIулареб баян

БЕ́СТОЛОЧЬ *ж разг. неодобр.* 1) гIадлу-низам гьечIолъи, лъавукълъи 2) (*о бестолковом человеке*) бичIчIигьечI, пикругьечI

БЕСФО́РМЕНН//ЫЙ, -ая, -ое форма гьечIеб, цо ккураб форма, куц гьечIеб, сипат-сурат гьечIеб, цо ккураб сипат-сурат гьечIеб; **~ая глы́ ба** форма гьечIеб гIерекъ

БЕСХАРА́КТЕРНОСТЬ *ж* гIамал гьечIолъи, цо ккураб хасият (тIабигIат) гьечIолъи, жиндирго хасаб гIамал-хасият гьечIолъи, бигьаго чияда хадув ин (чияр асаралда гъоркье ккей)

БЕСХАРА́КТЕРНЫЙ, -ая, -ое гIамал гьечIев, цо ккураб хасият гьечIев, жиндирго хасаб гIамал-хасият гьечIев, чияда хадув цIан унев; ~ **челове́к** гIамал гьечIев чи, гIамал-хасият гьечIев чи, цо ккураб гIамал-хасият гьечIев чи

БЕСХВО́СТЫЙ, -ая, -ое рачI гьечIеб, магъ гьечIеб, хъандаяб

БЕСХИ□ТРОСТНЫЙ, -ая, -ое макру-хIилла гьечIеб, сихIру гьечIеб, ракI бацIцIадаб, гIадатаб; ~ **челове́к** хIилла-макру гьечIев чи, ракI бацIцIадав чи

БЕСХО́ЗН/ЫЙ, -ая, -ое бетIергьанчи гьечIеб, лъилго гуреб; **~ое иму́щество** бетIергьанчи гьечIеб боцIи, буголъи

БЕСХОЗЯ́ ЙСТВЕННОСТЬ *ж* магIишаталъул милат гьабунгутIи, бетIергьанлъи гьабунгутIи, магIишат хIалтIизабун бажарунгутIи, магIишат бачине лъангутIи, магIишат рехунтей; **борьба́ с ~ю** магIишат хIалтIизабунгутIиялда данде къеркьей, бетIер-гьанлъи гьабунгутIиялда данде къеркьей

БЕСХОЗЯ□ЙСТВЕНН//ЫЙ, -ая, -ое магIишат хIалтIизабун бажаруларев, бажарунгутIиялъ магIишат биххизе толев, магIишаталъе зарар ккезе толев, ракI-ракIалъ магIишат гьабуларев; **~ое отноше́ние к иму́ществу** боцIудехун кIвар гьечIеб бербалагьи, буголъиялдехун бетIергьанчиясулаб гуреб бербалагьи

БЕСЦВЕ́ТНЫЙ, -ая, -ое 1) кьер гьечIеб, кьерукъаб, ~ **газ** кьер гьечIеб газ 2) *перен.* гвангъараб гуреб, гвангъи гьечIеб; беричаб гуреб, беричлъи гьечIеб, бадибе рехулареб, гогьар гьечIеб; чIамучIаб; ~ **расска́з** чIамучIаб хабар

БЕСЦЕ́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое мурад гьечIеб, анищ гьечIеб, гIададисеб; ~ **спор** гIададисеб дагIба, мурад гьечIеб дагIба

БЕСЦЕ́ННЫЙ, -ая, -ое (*очень ценный*) цIакъго хирияб, къимат тIокIаб, къимат кьезе кIолареб ◊ ~ **друг** цIакъ хирияв гьудул

БЕСЦЕ́НОК *м*: **за** ~ *разг.* цIакъ учуз; **купи́ ть за** ~ цIакъ учузго босизе; **прода́ть за** ~ цIакъ учузго бичизе

БЕСЦЕРЕМО́ННО *нареч.* хъачIго, магIна-гIин гьечIого, хIурмат-хъатир гьечIого, адаб-хъатир тун, адаб тун, адаб гьечIого, гIурхъи-мухъ цIуничIого, сверел гьечIого, гьаб-доб гьечIого

БЕСЦЕРЕМО́ННОСТЬ *ж* хъачIлъи, хIурмат-хъатир гьечIолъи, адаб-хъатир тей, адаб тей, адаб гьечIолъи, гIурхъи-мухъ цIунунгутIи, сверел гьечIолъи; магIна-гIин гьечIолъи

БЕСЦЕРЕМО́НН//ЫЙ, -ая, -ое хъачIаб, магIна-гIин гьечIеб, хIурмат-хъатир гьечIеб, адаб-хъатир тараб, адаб тараб, адаб гьечIеб, гIурхъи-мухъ цIунулареб, сверел гьечIеб, гьаб-доб гьечIеб; **~ое обраще́ние** хъачIаб, адаб-хъатир гьечIеб хитIаб

БЕСЧЕЛОВЕ́ЧНО *нареч.* гIаданлъи гьечIого, инсанлъи гьечIого, гурхIел-рахIму гьечIого, зулмуялда, гIасиго

БЕСЧЕЛОВЕ́ЧНОСТЬ *ж* гIаданлъи гьечIолъи, инсанлъи гьечIолъи, гурхIел-рахIму гьечIолъи, зулмучилъи

БЕСЧЕЛОВЕ́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое гIаданлъи гьечIеб, инсанлъи гьечIеб, гурхIел-рахIму гьечIеб, гIасияб; **~ая эксплуата́ция** гурхIел-рахIму гьечIеб чияр гъийин кванай

БЕСЧЕ́СТИТЬ *несов. кого-что* хIурмат хвезабизе, басра гьабизе, цIар хвезабизе, инжит гьабизе, суризабизе

БЕСЧЕ́СТНЫЙ, -ая, -ое намус гьечIеб, намус тIагIараб, яхI гьечIеб, яхI тIагIараб, инжитаб

БЕСЧЕ́СТЬЕ *с* басралъи, басра гьаби, инжитлъи, инжит гьаби, намус хвей, намус хвезаби, цIар хвей, цIар хвезаби, сури, суризаби

БЕСЧИ́ НСТВО *с* гIадлу-низам биххизаби, гъалмагъир

БЕСЧИ́ НСТВОВАТЬ *несов.* гIадлу-низам хвезабизе, гъалмагъир гьабизе

БЕСЧИ́ СЛЕНН//ЫЙ, -ая, -ое рикIкIен гьечIеб, рикIкIун хIал кIолареб, цIакъго гIемераб; **~ое коли́ чество** рикIкIен гьечIеб къадар, рикIкIун хIал кIолареб къадар

БЕСЧУ́ ВСТВЕНН//ЫЙ, -ая, -ое 1) жиндие асар лъугьунарев, агьлъарав, рекIедаса арав, лъавуда гьечIев, лъавудаса арав, бичIчIалда гьечIев, бичIчIалдаса арав; **находи́ ться в ~ом состо-я́ нии** лъавудаса араб хIалалда вукIине 2) гурхIел гьечIев, ракI гурхIуларев (*жестокий, безжалостный*); батIалъи гьечIев, кин бугониги (кканиги), кIвар гьечIев, ракI гьечIев, ракI баларев, ургъел гьечIев (*равнодушный*)

БЕСЧУ́ ВСТВИ//Е *с* 1) (*потеря сознания*) лъавудаса ин, лъавуда гьечIолъи, бичIчIалдаса ин, бичIчIалда гьечIолъи, щибго бичIчIулареб хIалалде ккей; **пьян до ~я** лъавудаса инегIан гьекъон (мехтун) вуго 2) гурхIел гьечIолъи, ракI гурхIунгутIи (*жестокость, безжалостность*); ракI гьечIолъи, гьира гьечIолъи, кIвар гьечIолъи, ургъел гьечIолъи (*равнодушие*)

БЕСШАБА́ШНЫЙ, -ая, -ое бичч-бакъ гьечIеб, сундулго ургъел гьабулареб, нахъекъай гьечIеб, беркъай гьечIеб, гIор-хъолъа борчIараб

БЕСШУ□МНЫЙ, -ая, -ое хъуй гьечIеб, хъуй-хъай гьечIеб, гIенеккараб, сасараб; ~ **мото́р** хъуй гьечIеб мотор

БЕ́ТА-ЛУЧИ́ *мн. физ.* бета-лучи (*радиактивиял чIоразул цо тайпа*)

БЕТО́Н *м* бетон (*цемент, сали, чабах, лъим жубан, гьабураб раствор*)

БЕТОНИ́ РОВАТЬ *несов. что* бетон тIезе, бетоналъ гьабизе

БЕТО́НКА *ж разг.* бетоналъул нух, бетон тIураб нух

БЕТО́ННЫЙ, -ая, -ое бетоналъул, бетон тIун, гьабураб, бетоналъул гьабураб; ~ **заво́д** бетон гьабулеб завод

БЕТОНОМЕША́ЛКА *ж* бетон гьабулеб машина, бетон жубазабулеб машина

БЕТО́НЩИК *м* бетончи, бетоналъул хIалтIи лъалев чи, бетон тIолев чи

БЕЧЕВА́ *ж* щулияб бицатаб квар; ралъдалъа, гIурулъа русби цIалеб квар

БЕЧЁВКА *ж* тIеренаб щулияб квар

БЕ́ШЕНСТВО *с* 1) тIурул унти, тIурищвей 2) *перен*. (*ярость*) кутакалда щидахин

БЕ́ШЕН//ЫЙ, -ая, -ое 1) тIурараб, тIури щвараб, тIурул унти щвараб, тIуриялъ унтараб; **~ая соба́ка** тIурараб гьой, тIуриялъ унтараб гьой 2) *перен*. (*сильный*) цIакъ кутакаб; **~ая страсть** кутакаб шавкъ, кутакаб хIасрат; **~ая ско́рость** кутакаб хехлъи; **~ые де́ньги** гIадалаб гIарац (*тохлъукье щвараб гIемераб гIарац*); **~ые це́ны** цIакъ цIикIкIарал багьаби

БЗИК *м прост*. гIажаиблъи, тамашалъи, хIикмалъи; **с ~ом челове́к** гIажаибаб хасияталъул чи

БЕШМЕ́Т *м* гужгат, квасквас лъураб гужгат

БЕШУ́ (СЬ), БЕСИ́ ШЬ(СЯ) *и т. д. наст. от* **беси́ ть(ся)**

БИАТЛО́Н *м* биатлон (*хасалил спорталъул цо тайпа — лыжабазда хъешtIей ва кьвагьдей*)

БИБЛИО́ГРАФ *м* библиограф (*библиографиялъул специалист*)

БИБЛИОГРАФИ□ЧЕСКИЙ, -ая, -ое библиографиялъулаб; **~ отде́л** библиографиялъулаб отдел

БИБЛИОГРА́ФИЯ *ж* библиография (1 *тIахьазе гIелмияб сипат-сурат гьаби, тIахьазул сияхI гьаби;* 2 *цо кинаб бугониги суалалда тIасан ругел тIахьазул сиях1)*

БИБЛИОТЕ́КА *ж* библиотека, китабхана

БИБЛИОТЕ́КАРША *ж* библиотекарша (*библиотекаялда хIалтIулей гIадан*)

БИБЛИОТЕ́КАРЬ *м* библиотекарь (*библиотекалда хIалтIулев чи*)

БИБЛИОТЕ́ЧНЫЙ, -ая, -ое библиотекаялъул

БИБЛИОФИ́Л *м книжн*. библиофил (*тIахьал рокьулев ва гьел ракIарулев чи, къанагIатал, къиматал тIахьал ракIарулев чи*)

БИБЛИОФИ́ ЛЬСТВО *с книжн*. тIахьаздехун ва гьел ракIариялдехун бугеб рокьи

БИ́ БЛИЯ *ж* инжил, таврат (*христианазул ва ягьудиязул диниял тIахьал*)

БИВА́К *м* бивак (*хIалхъуда яги сордо базе зодикь аскар чIараб бак1)*; **стоя́ ть ~ом** бивакалда чIезе

БИ́ ВНИ *мн*. (*ед*. **би́вень** *м*) гажал (*пилалъул, мамонталъул кIутIбузда гъоркьан къватIире кIанцIарал цIакъ чIахIиял гажал*)

БИВУА́К *м см*. **бива́к**

БИГУДИ́ *с, мн. нескл*. бигуди (*рас кIургIизабизе хIалтIизарулел мащаби*)

БИДО́Н *м* бидон (*жанибе жо тIолеб, тIад тIалъелги лъолеб маххул къали*); **~ для молока́** рахь тIолеб бидон

БИЕ́НИЕ *с* (*по гл*. **би́ться**) кьаби, хIалтIи; **~ се́рдца** рекIел кьаби, рекIел хIалтIи ◊ **~ жи́зни** гIумрудул хIалуцин

БИ́ ЗНЕС *м* бизнес (*жиндасан бечелъи, хайир босулеб жо, мас.: ишалъулаб предприятие, даран-базар ва ц*.)

БИЗНЕСМЕ́Н *м* бизнесмен, бизнес гьабулев чи

БИЗО́Н *м* бизон (*америкаялда букIунеб бахараб квасалъул гIалхул оц*)

БИЛЕ́Т *м* билет; **парти́йный ~** партийный билет; **~ в теа́тр** театралде билет; **экзаменацио́нный ~** экзаменалъул билет; **вое́нный ~** военный билет; **студе́нческий ~** студентасул билет; **все ~ы про́даны** киналго белтал ричун руго

БИЛЕТЁР *м* билетёр, белтазул хал гьабулев чи, белтал рихъулев чи

БИЛЕТЁРША *ж* билетёрша, белтазул хал гьабулей чIужу

БИЛЕ́ТН//ЫЙ, -ая, -ое белтазул; **~ая ка́сса** белтазул касса, белтал ричулеб касса

БИЛЛИО́Н *м* биллион (*цойил тарихалда хадуб ичIго ноль хъвараб ялъуни* (*цо-цо улкабазда*) *анцIила кIиго ноль хъвараб рикIкIеналда цIар*)

БИ́ ЛО *с* 1) бухулеб цIумур (*сигнал кьеялъе хIалтIизабулеб маххул къоно*) 2) машинабазул, алатазул тункулеб бутIа

БИЛЬЯ́ РД *м* бильярд (1 *хасаб столалда тIад лъурал шаразда тIил тункун, гьел картIахъе ортизарулеб хIай;* 2 *гьеб хIай жинда тIад гьабулеб мицIрал рорхатаб стол*)

БИЛЬЯ́ РДН//ЫЙ, -ая, -ое 1) бильярдалъул, бильярдалъулаб, бильярд хIалеб; **~ый шар** бильярдалъул шар 2) *в знач. сущ*. **~ая** *ж* бильярд хIалеб рукъ

БИНО́КЛЬ *м* дурнавал (дурнаби)

БИНО́М *м мат*. бином

БИНТ *м* бинт (*ругънада бухьунеб катан*), ругънакатан

БИНТОВА́ТЬ *несов. кого-что* катан бухьине, катан къазе (*ругънада*)

БИО- «*гIумру», «чIаголъи» абураб магIна жидеца кьолел журарал ргIабазулъ, терминазулъ хIалтIизабулеб тIоцебесеб бутIа, мас*.: **биография, биология, биофизика, биомеханика**

БИОБИБЛИОГРА́ФИЯ *ж* цо авторасул асаразул ва гьесул гIумруялъул хIакъалъулъ гIаммаб баян

БИО́ГРАФ *м* биограф (*биография хъвалев чи*)

БИОГРАФИ□ЧЕСКИЙ, -ая, -ое биографияб, биографиялда хурхараб

БИОГРА́ФИЯ *ж* биография (*цо чиясул гIумруялъул, гьес гьарурал ишазул хIакъалъулъ хъвараб асар*)

БИО́ЛОГ *м* биолог (*биология гIелмуялъул специалист*)

БИОЛОГИ́ ЧЕСКИЙ, -ая, -ое биологияб, биологиялъул

БИОЛО́ГИЯ *ж* биология (*организмазул чIаголъиялъул бицунеб гIелму*)

БИО́НИКА *ж* бионика (*инженериял масъалаби тIуразе биологиял процессаздасан пайда босулеб кибернетикаялъул бутIа*)

БИОПО́ЛЕ *с* биополе *(1 гIадамасда (рухIчIаголъиялда) гъорлъан рачIунел рихьуларел чIорал гIунтIулеб сверухъалъи; 2 сверухъ ругезе лъицаниги гьабулеб асар)*

БИОТО́КИ *мн*. биотокал (*гIадамасул ва тIадегIанал хIайваназул гIадалнахалъулъ лъугьунеб электромагнитияб тIур-тIуди, сороди*)

БИОФИ́ ЗИКА *ж* биофизика (*биологиял процессазулъ физикиял законал хIалтIи ва гьел процессазда физикиял агентаз гьабулеб асар лъазабулеб гIелму*)

БИОХИ́ МИЯ *ж* биохимия (*организмабазул гIуцIи ва чIагояб материялъе хасиятал химиялъулал процессал лъазарулеб гIелму*)

БИПЛА́Н *м* биплан (*гъоркь-тIад кIиго кваркьи бугеб самолет*)

БИ́ РЖА *ж* биржа (1 *кIудиял дармилал ва финансазулал къотIаби гьарулеб идара;* 2 *цIул хIадурулеб бакIалда бугеб цIулал склад; 3. уст. гьокочагIи, файтончагIи чIолеб бак1)* ◊ **~ трудá** захIматалъул (хIалтIул) биржа (*ижараялъ ккун, хIалтIуде лъугьиналъе гьоркьохъанлъи гьабулеб идара*)

БИРЖЕВО́Й, -ая, -ое биржаялъул

БИРЖЕВИ́К *м* биржачи (*биржаялда, къиматал кагътал гIодоре ккеялдаса я эхеде рахиналдаса пайда босун, хайирал гьарулев чи, спекулянт*)

БИ́ РКА *ж* бирка (*тIад номерал ва хъвай-хъвагIайгун къайшялда ва ц. тIад бараб гьитIинаб хъарщи*)

БИРЮЗА́ *ж* фируза (пируза) (*гIурччинаб яги хъахIилкьераб къиматаб гамач1)*

БИРЮЗО́В//ЫЙ, -ая, -ое 1) фирузаялъул, фируза бугеб; **~ое кольцо́** фирузаялъул нагIли бугеб баргъич 2) гIурччинкьераб, фирузадул кьер бугеб

БИРЮ́ К *м* 1) бацI 2) *перен*. тIурузав чи, гIадамазда гьоркьове жуваларев чи, батIа кIанцIун чIарав чи

БИРЮ́ ЛЬК//А *ж* бирюлька (*цо хасаб хIаялъулъ хIалтIизарулел гьитIинал цIулал гьарурал фигуркабазул цояб*); **игра́ть в ~и:** 1) бирюлькаби хIазе (*бирюлькаби цо-цоккун ратIа гьаризе*) 2) *перен*. гIададисеб иш гьабизе, пайда гьечIеб ишалде вуссун вукIине, гIомо борлъизе

БИС *межд*. бис, кIиабизеги, цоги нухалъ (*концерталда артистаз нахъеги кечI ахIизе, гьел кьурдизе бокьараб мехалъ, гIенеккараз, балагьараз ахIулеб ргIи*)

БИ́ СЕР *м* гIисинал цIорол маххал, гIисинмаххал, цIикима-ххал ◊ **мета́ть ~ пе́ред сви́ньями** хIамида кIилкIал разе (би-чIчIуларесда, къимат кьезе лъаларесда щибниги бицине)

БИ́ СЕРИНА *ж* гIисинмахх, чIум, цIикимахх

БИ́ СЕРНЫЙ, -ая, -ое гIисинмаххазул, цIикимаххазул ◊ **~ по́черк** цIакъго гIисинаб ризаб хатI

БИСИ́ РОВАТЬ *сов. и несов. что и без доп*. гIенеккараз (балагьараз) “бис!” -ан ахIун, артистаз концерталъул номер такрар гьабизе

БИСКВИ□Т *м* бисквит (*хоноги, чакарги, ханжуги жубан гьабураб тамахаб тIадагьаб печенье, чед*)

БИСКВИ́ ТН//ЫЙ, -ая, -ое бисквиталъул, бисквиталъулаб; **~ое те́сто** бисквиталъе буцараб хамур

БИССЕКТРИ́ СА *ж мат*. биссектриса (*бокIон кIиго бащадаб бутIаялде бикьулеб битIараб хIучч*)

БИТА́ *ж* бита (*батIи-батIиял хIаязда кьабулеб, речIчIулеб жо; мас.: тIил, цIулал квартIа ва ц*.)

БИ□ТВА *ж* рагъ, кьал, чIвай-хъвей; **~ под Курском** Курскалда гъоркь ккараб рагъ

БИТКО́М *нареч*. бугIун, кьабун, тункун, занкун; **~ наби́ то** бугIун цIун буго, занкун цIун буго

БИТО́К *м* биток (*буссараб гьанал гьабураб гургинаб котлета*)

БИ́ ТУМ *м* битум, хъил

БИ́ Т//ЫЙ, -ая, -ое гъурараб; **~ая посу́да** гъурараб цIарагI ◊ **~ый час** халатаб заманаялъ, тIубараб сагIаталъ; **~ые сли́вки** чвалхезабун полоп базабураб тIорахь

БИТЬ *несов*. 1) (*ударять*) кьабизе, бухизе; **~ в бараба́н** кьали бухизе 2) *кого-что* (*уничтожать*) чIвазе; **~ мух** тIутIал чIвазе 3) хъвезе; **~ скот** боцIи хъвезе 4) *что* (*разбивать*) гъуризе; **~ посу́ду** цIарагI гъуризе 5) (*стрелять*) речIчIизе; **ружьё бьёт хорошо́** тункIица лъикI речIчIулеб буго 6) (*о фонтане, нефти и т. д*.) березе, хIалуцун чвахизе, кIанцIун бачIине 7) *кого* (*трясти*) сородизавизе, гьаргъар щвезабизе (*унтиялъ, хIинкъиялъ*); **его́ бьёт лихора́дка** дов бакъул унтиялъ сородизавулев вуго ◊ **~ по карма́ну** *лъиениги* зарал, ками ккезабизе; **~ трево́гу** ахIи бахъинабизе, ахIи базе

БИТЬЁ *с* (*по гл.* **бить**) 1) кьаби, бухи 2) (*напр. посуды*) гъури

БИ́ ТЬСЯ *несов*. 1) *с кем* (*сражаться*) рагъизе; **~ с врагóм** тушмангун рагъизе 2) (*ударяться*) цоцалъ кьабгIезе, тенкезе, речIчIизе; **~ голово́й об сте́ну** кьадалъ бетIер кьабгIезабизе; **во́лны бью́тся о бе́рег** карачелал рагIалалда речIчIулел руго 3) (*разбиваться*) бекизе, гъуризе; **посуда бьется** цIарагI гьурун унеб буго 4) (*о сердце, пульсе*) кьабизе, тIеркIезе; **се́рдце едва́ бьётся** ракI хIалица кьабулеб буго, ракI загIипго кьабулеб буго ◊ **~ над реше́нием зада́чи** масъалаялда тIаделъизе; **~ как ры́ба об лёд** гIададасеб, пайда гьечIеб, хIасил кколареб ишалъе рортанхъизе, квалквадизе, чIучIадахъдизе

БИТЮ́ Г *м* къайи баччулеб кIудияб чу

БИФШТЕ́КС *м кул*. бифштекс (*хIайваналъул гьанал бежараб кесек*)

БИ́ ЦЕПС *м* бицепс (*гIункIрукьалдаги гъежалдаги гьоркьор ругел ччорбал*), рукьалзул ччорбал

БИЧ *м* 1) (*кнут*) цIал (*халатаб*) 2) *перен*. (*бедствие*) балагъ, къварилъи

БИЧЕВА́ТЬ *несов. кого-что* къватIиб чIвазабизе; **~ бюрократи́ зм** бюрократизм къватIиб чIвазабизе

БЛА́Г//О[1] *с* 1) лъикIлъи, сах-саламалъи, паракъалъи, рахIат буголъи; талихI; **труди́ться на ~о своéй ро́дины** жиндирго ватIаналъул лъикIлъиялъе хIалтIизе 2) *мн*. **~а** нигIмат; пайда; **ни за каки́е ~а в ми́ре** дунялалда тIад щиб кьуниги, сундухъниги, сундуе гIологи ◊ **всех благ!** къо-мех лъикI! сахлъи кьеги! сахго таги! талихI-рохел кьеги!

БЛА́ГО[2] *союз разг*. -лъул, -дал, -лъидал; **бери́ , ~ даю́ т** кьолеб бугелъул, босе

БЛАГОВЕ́РНАЯ *ж разг. шутл*. чIужу, лъади

БЛАГОВЕ́РНЫЙ *м разг. шутл*. рос

БЛА́ГОВЕСТ *м уст. килисаялъур диниял ишазде байбихьилалде* цIумур бухи

БЛА́ГОВЕСТИТЬ *несов. уст*. цIурмал кьабун, килисаялда диниял ишал байбихьулел рукIин лъазаризе

БЛАГОВИ□ДН//ЫЙ, -ая, -ое бихьизе гьайбатаб, тIасан балагьидал, лъикIабалъун бихьулеб; **под ~ым предло́гом** рекъезабураб багьанаги бачун

БЛАГОВОЛЕ́НИЕ *с уст*. хIурмат гьаби, лъикIлъи бокьи, лъикIаб бербалагьи гьаби

БЛАГОВОЛЙ//ТЬ *несов. к кому* хIурмат гьабизе, лъикIаб бербалагьи гьабизе; **он ~т ко мне** дос дир хIурмат гьабула

БЛАГОВО́НИЕ *с уст*. 1) берцинаб махI, гьуинмахI 2) берцинаб махI бугеб жо

БЛАГОВОСПИ́ ТАННЫЙ, -ая, -ое лъикIаб тарбия щварав, адаб бугев, лъикIаб хьвада-чIвадиялъул, муруват бугев

БЛАГОВРЕМЕ́НИЕ с: **во благовреме́нии** *разг. шутл*. санагIатаб заманалда

БЛАГОГЛУ́ ПОСТЬ *ж ирон*. кIвар бугеб жо гIадин гьабулеб ахIмакъаб иш; цIодораб жо малъулебилан абураб гIантаб жо

БЛАГОГОВЕ́ЙНЫЙ, -ая, -ое ракI-ракIалъго хIурмат гьабулеб

БЛАГОГОВЕ́ТЬ *несов. перед кем-чем* ракI-ракIалъго хIурмат гьабизе

БЛАГОДАР//И□ТЬ *несов. кого-что* баркала кьезе; **~ю́ вас** баркала (кьола) дуе

БЛАГОДА́РНОСТ//Ь *ж* баркала; **не сто́ит ~и** баркала кьезе ккеларо; **объяви́ ть ~ь** баркала кьезе, баркалаялъул рагIаби абизе

БЛАГОДА́РН//ЫЙ, -ая, -ое 1) гьабураб лъикIлъи лъалеб, баркала кьолеб; **~ый взгляд** баркалаялъулаб балагьи; **быть ~ым** *кому-л*. гьабураб лъикIлъи лъалевлъун вукIине 2) *перен*. пайда кьолеб, лъикIаб хIасил кьолеб, гьабураб харж гIадада кколареб; **~ая те́ма** лъикIаб, хIасил кколеб тема

БЛАГОДА́РСТВЕНН//ЫЙ, -ая, -ое баркалаялъул, баркалаялъулаб, баркала кьун, хъвараб (абураб, гьабураб); **~ое письмо́** баркалаялъулаб кагъат, баркала кьун, хъвараб кагъат

БЛАГОДАРЯ́ *предлог с дат. п.* сабаблъун, -алдалъун, -ялдалъун; **~ о́пытному врачу́, больно́й вы́здоровел** тохтур хIалбихьи бугев вукIиналдалъун, унтарав сахлъана; **~ тому́, что...** -алъ, -ялъ; **образо́ван ~ тому́, что мно́го чита́л** гIемер цIалдеялъ лъай бугев вуго

БЛАГОДА́ТНЫЙ, -ая, -ое гьарзаяб, баракат бугеб, пайда бугеб, мунпагIат бугеб, нигIматазул цIураб

БЛАГОДА́ТЬ *ж* **1.** баракат, нигIмат, гьарзалъи **2.** *в знач. сказ*. **кака́я тут ~!** гьаниб бугеб лъикI! **весно́й здесь ~!** ихдал гьаниб букIунеб лъикI!

БЛАГОДЕ́НСТВИЕ *с уст*. рахIатаб гIумру, рес буголъи; талихIаб гIумру

БЛАГОДЕ́НСТВОВАТЬ *несов. уст*. рахIаталда гIумру тIамизе, нигIматазда гъорлъ тIерхъун вукIине

БЛАГОДЕ́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое лъикIлъи гьабулеб, квербакъи гьабулеб; пайда бугеб; хвасар гьабулеб

БЛАГОДЕ́ТЕЛЬ *м уст*. лъикIлъи, квербакъи гьабурав чи

БЛАГОДЕ́ТЕЛЬСТВОВАТЬ *несов. кому уст*. кумек, лъикIлъи, квербакъи гьабизе

БЛАГОДЕЯ́ НИЕ *с высок*. лъикIлъи, лъикIаб иш

БЛАГОДУ□ШЕСТВОВАТЬ *несов*. сундулго ургъел-агъаз гьечIого, аваданго, рахIаталда заман тIобитIизе

БЛАГОДУ́ ШИЕ *с* сундулго ургъел-агъаз гьечIеб аваданаб хIал

БЛАГОДУ́ ШН//ЫЙ, -ая, -ое сундулго ургъел-агъаз гьечIев; аваданав; хIеренав, гIодове виччарав

БЛАГОЖЕЛА́ТЕЛЬ *м уст*. гIадамазе лъикIлъи бокьулев чи

БЛАГОЖЕЛА́ТЕЛЬН//ый, -ая, -ое гIадамасе лъикIлъи бокьулеб, ракI битIараб, рекIее бокьараб; **~ое отноше́ние** лъикIлъи бокьараб бербалагьи

БЛАГОЗВУ́ ЧИЕ *с*, **благозву́чность** *ж* гьаркьил берцинлъи; бакъан рекъей, гьаркьазул рекъей

БЛАГОЗВУ́ ЧН//ЫЙ, -ая, -ое гьаракь берцинаб, бакъан лъикIаб; гьаракь-бакъан рекъараб, рагIизе бокьулеб; **~ые пе́сни** бакъан-гьаракь рекъарал кучIдул

БЛАГ//О́Й[1]**,** -а́я, -о́е *уст*. лъикIаб; **~и́е наме́рения** лъикIал къасдал, нигатал

БЛАГ//О́Й[2]**:** ◊ **крича́ть ~и́ м ма́том** *прост*. цIакъ кутакалда, хIаладаса ун, чIичIидизе, ахIдезе

БЛАГОЛЕ́ПИЕ *с уст*. къадру цIикIкIараб, кутакаб, тIадегIанаб берцинлъи

БЛАГОНАДЁЖНЫЙ, -ая, -ое божизе бегьулеб, божи-лъиялъе мустахIикъаб

БЛАГОНАМЕ́РЕННЫЙ, -ая, -ое *уст*. лъикIаб гIакълупикру бугев; къасд лъикIав, рекIелъ квешлъи гьечIев

БЛАГОНРА́ВИЕ *с* гIамал лъикIлъи, хасият лъикIлъи, тIабигIат берцинлъи, лъикIаб хьвада-чIвади, гIамал-хасият

БЛАГОНРА́ВНЫЙ, -ая, -ое гIамал-тIабигIат (хасият) лъикIав (берцинав), лъикIаб хьвадиялъул

БЛАГООБРА́ЗНЫЙ, -ая, -ое гьайбатав, берцинаб сипат-сураталъул, вихьизе вокьулев

БЛАГОПОЛУ́ ЧИЕ *с* сах-саламалъи, паракъалъи, рахIат бугеб гIумру; рес буголъи

БЛАГОПОЛУ́ЧНЫЙ, -ая, -ое сах-саламатаб, битIун ккараб, мурадалде щвараб, лъикIаб; ~ **исхо́д де́ла** ишалъул битI ккараб ахир

БЛАГОПРИОБРЕТЁННЫЙ, -ая, -ое жинцаго босун, щвараб, жиндирго боцIухъ босараб; ирсалъе щвараб гуреб (*унти*)

БЛАГОПРИСТО́ЙНЫЙ, -ая, -ое адаб цIунараб, адаб бугеб, гIадаталда данде кколеб

БЛАГОПРИЯ́ТН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*способствующий чему-л.*) *сундуениги* санагIатаб, квегIенаб, рекъон кколеб, бегьулеб; ~ые усло́вия санагIатал шартIал 2) (*одобрительный*) лъикIаб, лъи-кIаблъун рикIкIараб, лъикIаб къимат щвараб; **получи́ть ~ый о́тзыв** лъикIаб къимат щвезе

БЛАГОПРИЯ́ТСТВОВА//ТЬ *несов. кому-чему* кумек гьабизе, санагIалъи гьабизе, квенгIенлъи гьабизе; **пого́да нам ~ла** гьава-бакъалъ нижее кумек гьабуна

БЛАГОРАЗУ́МИЕ *с* гIакъиллъи, цIодорлъи, цIодорго хьвади, ургъун хIалтIи

БЛАГОРАЗУ́МНЫЙ, -ая, -ое гIакъилав, цIодорав, цIодорго хьвадулев, ургъун хIалтIулев

БЛАГОРАСПОЛОЖЕ́НИЕ *с уст*. лъикIаб балагьи, лъикIлъи бокьи, гурхIел букIин

БЛАГОРАСПОЛО́ЖЕННЫЙ, -ая, -ое *уст*. лъикIаб балагьи бугеб, лъикIлъи бокьараб, божилъи бугеб

БЛАГОРО́ДИЕ *с уст*.: **ва́ше (его́, её, их)** ~ дур бетIер чIахъад

БЛАГОРО́ДН//ЫЙ, -ая, -ое 1) ракI бацIцIадав, сахав, намусяхI бугев, вацIцIадав, гьумер хъахIав; **~ый челове́к** ракI бацIцIадав чи, вацIцIадав чи ◊ **~ые мета́ллы** кьаву чIваларел металлал (*месед, гIарац, пла́тина*); **на ~ом расстоя́нии** *разг. шутл*. лъикIаланго рикIкIадаб манзилалда

БЛАГОРО́ДСТВО *с* ракI бацIцIалъи, намус-яхI букIин, асскъо букIин, къадру букIин, тIадегIанаб къимат букIин

БЛАГОСКЛО́ННОСТЬ *ж* лъикIлъи бокьи, лъикIлъиялде гьетIи (гьеси), лъикIаб рахъалде гьетIи, лъикIлъи гьабизе къасд букIин; лъикIаб бербалагьи; **прояви́ть ~** *к кому-л. лъидехуннигиз* лъикIаб бербалагьи гьабизе

БЛАГОСКЛО́ННЫЙ//Ы, -ая, -ое лъикIлъи бокьараб, лъикIаб къасдалъулаб, лъикIаб бербалагьи бугеб, лъикIаб рахъалде гьетIараб (буссараб); **~ое отноше́ние** лъикIаб бербалагьи; **~ое внима́ние** лъикIлъи бокьараб кIваркьей

БЛАГОСЛОВЕ́НИ//Е *с* (*по гл.* **благослови́ть**) разилъи лъазаби; лъикIаблъун рикIкIин; рухса (изну, пурман) кьей; *рел*. лъикIаб дугIа гьаби ◊ **с ~я** разилъиялдалъун, изну кьун (*лъилниги, лъицаниги*)

БЛАГОСЛОВИ□ТЬ *сов*. 1) лъикIаблъун рикIкIине, гIакъилаблъун рикIкIине; гьира ккезабизе, гьесизаризе; ~ **на ра́тный по́двиг** рагъулал гьунаразде гьира ккезабизе 2) *кого* (*новобрачных*) рухса (пурман, изну) кьезе, разилъизе

БЛАГОСЛОВЛЯ́ТЬ *несов. см.* **благослови́ть**

БЛАГОСОСТОЯ́НИЕ *с* бечелъи, буголъи, рес буголъи; **повы́сить ~ наро́да** халкъалъул рес буголъи цIикIкIинабизе (борхибазизе)

БЛАГОТВО́РНЫЙ, -ая, -ое пайда бугеб, лъикIаб асар гьабулеб, санагIатаб

БЛАГОУСТРА́ИВАТЬ *несов. см.* **благоустро́ить**

БЛАГОУСТРО́ЕННЫЙ, -ая, -ое лъикI гIуцIараб, лъикI къачIараб, къваригIанщинаб жо чIезабураб; ~ **дом** лъикI къачIараб, къваригIанщинаб жо бугеб мина (рукъзал)

БЛАГОУСТРО́ИТЬ *сов. что* лъикI гIуцIизе, къачIазе, ккколеб куцалда бачине; ~ **кварти́ру** рукъ къачIазе (гIуцIизе)

БЛАГОУСТРО́ЙСТВО *с* лъикI гIуцIи, къачIай; ~ **городо́в** шагьарал къачIай

БЛАГОУХА́НИЕ *с* берцинаб махI, гьуинаб махI

БЛАГОУХА́ТЬ *несов.* гьуинмахI бахъине, берцинаб махI бачIине

БЛАЖЕ́ННЫЙ, -ая, -ое 1) (*счастливый*) талихI бугев, цIакъ вохарав (разияв) 2) *разг.* (*чудаковатый, глуповатый*) валимахIав; гIантмахIав

БЛАЖЕ́НСТВ//О *с* тIубараб талихI (роххел, лазат, кеп), нигIматазулъ тIерхьин; **быть на верху́ ~а** тIубараб кепалда, лазаталда, кутакаб рахIаталда вукIине

БЛАЖЕ́НСТВОВАТЬ *несов.* лазаталда (кепалда) вукIине; нигIматазулъ тIерхьине

БЛАЖИ□ТЬ *несов. прост*. мекълъизе, гьагал (гIантал) жал гьаризе

БЛАЖНО́Й, -а́я, -о́е, *прост*. мекъав, гьагав, гIантав, ахIмакъав

БЛАЖЬ *ж разг*. мекълъи, гьаглъи, гIантлъи, ахIмакълъи; **вы́кинь ~ из головы́** гIантал пикраби гьаруге (ботIролъа яризаре)

БЛАНК *м* бланк; **запо́лнить** ~ бланк цIезе

БЛАТ *м прост*. блат (1 *цIогьазул щартIияб мацI, арго;* 2 *написял мурадазда пайда босулеб лъай-хъвай, бухьен*)

БЛАТНО́Й, -а́я, -о́е цIогьазул(аб); ~ **язы́к** цIогьазул мацI

БЛЕДНЕ́ТЬ *несов*. 1) кьер тIезе, кьер ине, ~ **от стра́ха** хIинкъиялъ кьер тIезе 2*) перед чем перен.* цIакъго загIиплъизе, къадарлъизе (*сунданиги данде ккун*)

БЛЕДНОЛИ́ЦЫЙ, -ая, -ое кьер тIураб гьумералъул

БЛЕ́ДНОСТЬ *ж* кьер тIей, кьер ин

БЛЕ́ДН//ЫЙ, -ая, -ое 1) кьер тIураб, кьерукъаб, кьер хъахIлъараб; **~ый как полотно́** хIебетгIан кьерукъаб 2) *перен*. беричлъи гьечIеб, рекIелъе бортулареб, асар гьабулареб; **~ый расска́з** асар гьабулареб хабар

БЛЕ́КЛ//ЫЙ, -ая, -ое бечIараб (*увядщий*); **~ые цветы́** речIарал тIугьдул; кьерукъаб, гвангъи гьечIеб, канчIлъи гьечIеб (*неяркий*)

БЛЕ́КНУТЬ несов. 1) (*увядать*) бечIазе 2) (*тускнеть*) кьерукълъизе, гвангъи хвезе

БЛЕСК *м* 1) гвангъи́ , кунчIи́ , кунчI-кунчIи, паркъи́ , паркъ-паркъи, цIваки́ , цIвак-цIваки; ~ **со́лнца** бакъул гвангъи́ ; **начи́стить до ~а** цIвакизегIан бацIцIине 2) (*великолепие*) гьайбатлъи, берцинлъи, гогьар; **во всём своём ~е** кинабго жиндир гьайба-лъиялда

БЛЕСН//А́ *ж* блесна (*ччугIби кквезе кумекалъе металлалъул гьабураб, цебе гьанцIаги бугеб гьитIинаб цIвакараб ччугIил сурат*); **лови́ть на ~у** блеснаялъул кумекалдалъун кквезе (*ччугIа*)

БЛЕСНУ́ //ТЬ *сов*. 1) *однокр. к* **блесте́ть** 2) *перен*. (*внезапно появиться*) танкан бачIине, циндаго бачIине; **у меня́ ~ла мысль** дир ботIролъе танкан цо пикру рехун бачIана ◊ **~ть красноре́чием** пасихIлъи бихьизабизе

БЛЕСТЕ́ТЬ *несов*. 1) кенчIезе, паркъезе 2) *перен*. лъикIлъи-ялдалъун (тIокIлъиялдалъун) батIалъизе, асар лъугьинабизе, хIайранлъизаризе; **он бле́щет умо́м** дов (*цогидаздаса*) гIакълуялъ тIокIав вуго

БЛЁСТК//И *мн*. (*ед.* **~а** *ж*) 1) кунчI-кунчIи, паркъ-паркъи 2) кенчIолел жал (*берцинлъиялъе ралел гIисинал паркъолел, кенчIолел жал*)

БЛЕСТЯ́Щ//ИЙ, -ая, -ее 1)гвангъараб, кунчIараб; **~ие глаза́** кунчIарал берал 2) *перен*. гьайбатаб, тIокIаб, цIакъго лъикIаб; **~ий успе́х** гьайбатаб бергьенлъи

БЛЕФ *м книжн*. гьереси, пудари (*хIинкъизаризе, гуккизе бицунеб гьереси*)

БЛЕ́ЯНИЕ *с* гьади (*гIия́л*), ээди (*цIцIаназул*)

БЛЕ́ЯТЬ *несов*. гьадизе, ээдизе

БЛИЖА́ЙШ//ИЙ, -ая, -ее *превосх. ст. к* **бли́зкий** 1) (*по месту*) бищунго гIагараб, гIагарда бугеб, гIагардасеб; **~ая по́чта** бищун гIагарда бугеб почта 2) (*по времени*) бищун (цIикIкIун) гIагараб, тIоцебесеб иргаялъул; **~ие зада́чи** тIоцебесеб иргаялъул масъалаби 3) (*о людях*) бищунго гIагарав, цевесев; **~ие ро́дственники** бищунго гIагарал, цересел чагIи ◊ **при ~ем рассмотре́нии** аскIосан, лъикIаб хIалалъ балагьидал

БЛИ́ЖЕ *нареч. сравн. ст. к* **бли́зкий** *и* **бли́зко** гIагардегIан, аскIобегIан, рикIкIад гьечIого; **луна́ ~ к земле́, чем со́лнце** бакъалдаса моцI ракъалде гIагардегIан буго

БЛИ́ЖН//ИЙ, -ая, -ее (*о месте*) гIагараб, гIагардасеб, аскIосеб, аскIобегIан бугеб; **~ие сёла** аскIоргIан ругел росаби

БЛИЗ *предл. с род. п.* аскIоб, гIагарлъухъ, хьибилалда; ~ **села́** росдада аскIоб

БЛИ□ЗИ//ТЬСЯ *несов*. гIагарлъизе; **~тся зима́** кьин гIагар-лъулеб буго; **~ться к концу́** ахиралде кьазе (гIагарлъизе)

БЛИ́ЗК//ИЙ, -ая, -ое **1.** 1) (*близлежащий*) гIагарда (мадугьа-лихъ) бугеб; **~ий ау́л** мадугьалихъ бугеб росу; **~ое буду́щее** гIагараб букIинесеб 2) (*о родстве*) гIагарав, цевесев;

~ий ро́д-ственник цевесев гIагарав чи 3) (*об отношениях*) гьудулав, рекIелав, хирияв; **~ие друзья́** рекIелал гьудулзаби 4) (*к чему-л.*) гIагарлъараб, бахъараб; **~ий к о́бмороку** лъавудаса ине бахъараб (гIагарлъараб) 5) *перен.* гIага-шагараб; **~ий по содержа́нию** магIнаялъул рахъалъ гIага-шагарлъи бугеб **2.** *в знач. сущ.* **~ие** *мн.* гIагарал, гIагарлъи

БЛИ́ ЗКО 1. *нареч.* 1) (*недалеко*) гIагарда, гIагарлъухъ 2) лъикI(го), тIубан(го), гъварид(го); **~ познако́миться** лъикIго лъай-хъвай гьабизе; **не принима́ть ~ к се́рдцу** гъваридго рекIелъе биччангутIизе, кIвар кьунгутIизе **2.** *в знач. сказ.* 1) (*о расстоянии*) аскIоб буго 2) (*о времени*) гIагарлъун буго, дагьаб хутIун буго; **до утра́ ~** рогьел гIагарлъун буго

БЛИЗЛЕЖА́Щ//ИЙ, -ая, -ее гIагарлъухъ, гIагардегIан, мадугьалихъ бугеб; **~ие сёла** мадугьалихъ ругел росаби

БЛИЗН//ЕЦЫ́ *мн.* (*ед.* **~е́ц** *м*) игизал (игзал) (*цадахъ гьарурал лъимал*); **бра́тья- ~** игизал-вацал

БЛИЗОРУ́ К//ИЙ, -ая, -ое 1) гIагардасеб гурони бихьуларев, рикIкIада бугеб жо бихьуларев; **~ие глаза́** гIагардасан гурони бихьуларел берал 2) *перен.* (*недальновидный*) букIинеселъул пикру гьечIеб, букIинесеб лъалареб, бичIчIулареб

БЛИЗОРУ́ КОСТЬ *ж* 1) рикIкIадасан бихьунгутIи, гIагардасан гурони бихьунгутIи 2) *перен.* (*недальновидность*) цIодорлъи гьечIолъи, букIинесеб цебеккунго лъангутIи, букIинеселъул ургъел гьечIолъи; **полити́ческая ~** политикияб цIодорлъи гьечIолъи

БЛИ́ ЗОСТЬ *ж* 1) гIагарлъи, гIагарда букIин; **~ весны́** ихдалил гIагарлъи; **~ го́рода** шагьар гIагарда букIин 2) (*отношений*) ракI жубай, ракIал журай (гIагарлъи); **душе́вная ~** рухIияб гIагарлъи 3) (*сходство*) релълъе́н; **~ взгля́дов** пикрабазул релълъе́н (релълъенлъи)

БЛИК *м* чIегIераб фоналда (пардавалда) канлъул кунчIи, канлъул тIанкI

БЛИН *м* хъухъанчед ◊ **пе́рвый ~ ко́мом** *погов.* тIоцебесеб хъухъанчед — гIерекъгIадаб (цIидалъго гьабунщинаб релълъунареб, данде билълъунареб)

БЛИНДА́Ж *м* блиндаж (*гIарададул гуллидаса цIунизе тIад бараб хандакъ*)

БЛИ́ НЧИ//КИ *мн.* (*ед.* **~к** *м*) гIисинал хъухъанчадал

БЛИСТА́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое *см.* **блестя́ щий; ~ успе́х** гьайбатаб бергьенлъи

БЛИСТА́ТЬ *несов. см.* **блесте́ть** ◊ **~ красноре́чием** пасихIлъи бихьизабизе

БЛОК[1] *м тех., стр.* блок (*тирулеб чархида бараб маххул кварица бакIаб юк эхеде борхулеб хасаб алат*)

БЛОК[2] *м* 1) *полит.* блок (*пачалихъазда, партиязда, организациязда цо хасаб мурадалъе гIоло цолъиялъе гьабураб къотIи, гьеб къотIиялда гьоркьор ругел киналго членал; группа, къокъа*); **~ коммуни́стов и беспарти́йных** коммунистазулгун партиялда гьечIезул блок 2) ралел бакIазе хIалтIизабулеб шлакалъул, бетоналъул гьабураб чIахIияб кирпич

БЛОКА́ДА *ж* блокада (1 *къватIибехун бухьен къотIизабизелъун тушманасул шагьар ялъуни тIолабго улка яргъилал къуватаздалъун сверун кквей;* 2 *цо пачалихъ батIа тIезабизе, цоги пачалихъалдехун гьелъул дармилаб, культурияб ва политикияб бухьен къотIизабизе гIоло гьарулел тадбирал;* 3 *спец. кинабалигo органалъул, лагаялъул хIалтIи, функция къотIизаби*) ◊ **экономи́ -ческая ~** экономикияб блокада

БЛОКИРОВА́ТЬ *сов. и несов.* 1) *кого-что воен.* блокада гьабизе, сверун квезе, сверун къазе 2) *что ж.-д.* блокировка гьабизе (*кIиго станциялда гьоркьоб бугеб нух хасал сигналаздалъун къазе*)

БЛОКИРОВА́ТЬСЯ *сов. и несов. полит.* блокалда гьоркьове лъугьине

БЛОКИРО́ВКА *ж* **1.** (*по гл.* **блокирова́ть**) *воен.* блокировка, блокада гьаби **2.** (*по гл.* **блокирова́ться**) *полит.* блокалда гьоркьове лъугьин **3.** *ж.-д.* блокировка (*нух рагьун я къан букIин бихьизабулеб сигналазул система*)

БЛОКНО́Т *м* блокнот

БЛОНДИ́ Н *м* блондин (*хъахIаб, хъахIчIараб рас бугев чи*)

БЛОНДИ́ НКА *ж* блондинка (*хъахIаб, хъахIчIараб рас бугей гIадан*)

БЛОХ//А́ *ж* чIетI; **иска́ть ~у́:** 1) чIутIул ралагьизе 2) *перен.* гIиси-бикъинал гIунгутIаби ралагьизе ◊ **~у́ подкова́ть** чIотIода тIикъва чIвазе (*бергьараб махщел бихьизабизе*)

БЛО́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое блоказул гьабураб; **~ое строи́тельство** (блоказул) гьабураб мина, бараб бакI

БЛОШИ́ НЫЙ, -ая, -ое чIотIол(аб); **~ уку́с** чIотIол хIанчIи

БЛУД *м* зиначилъи, хъахIбалъи, пасалъи, пучлъи, къосин

БЛУ́ДНЫЙ, -ая, -ое саяхъав, къосарав, хъахIбаяв; мекъи ккарав; **~ сын** *уст.* эбел-инсул адаб-хIурмат гьабичIого, рокъоса арав, гьелдаса ракI бухIун, хадув нахъвуссарав вас (*Инжилалдасан хабар*)

БЛУЖДА́НИЕ *с* (*по гл.* **блужда́ть**) 1) нух къосун (батуларого), сверди 2) сверсведи, рахъ-рахъалде хьвади; цин баккун, цин тIерхьун букIин 3) *перен.* (*о взглядах, мыслях*) хисарди, цо хIалалда чIунгутIи, цоялдаса цогидалде кIанцIи

БЛУЖДА́ТЬ *несов.* 1) (*бродить, плутать*) къосарине; нух батуларого, сверизе 2) рахъ-рахъалде хьвадулев вукIине; **~ по све́ту** дунял сверулев вукIине 3) *перен.* (*о взглядах, мыслях*) хисаризе, цоялдаса цогидалде кIанцIизе, цо хIалалда чIунгутIизе *(балагьи, пикраби)*

БЛУЖДА́ЮЩ//ИЙ, -ая, -ее нух къосун, хьвадулеб, рахърахъалде хьвадулеб, цо бакIалда чIолареб; **~ взгляд** цоялдаса цогидалде кIанцIулеб, цо бакIалда чIолареб балагьи; **~ огонёк** цин баккун, цин тIерхьун букIунеб цIа (кунчIи), щайтIабазул цIа; **~ая по́чка** жиндирго рукIалидаса борчIараб ургьисала (багIаржо)

БЛУ́ ЗА *ж* блуза (*рачел гьечIеб халатаб гIатIидаб тIасангурде*); **рабо́чая ~** хIалтIул блуза

БЛУ́ ЗКА *ж* блузка (*тIеренаб ххамил гьабураб руччабазул кофта*)

БЛЮ́ ДЕЧКО *с уменьш. от* **блю́ дце**

БЛЮ□ДО *с* 1) (*посуда*) кIудияб гъадаро; **фарфо́ровое ~** чинидул гъадаро 2) (*кушанье*) квен (*кваназе цере лъолел квеназул цояб*); **у́жин из двух блюд** кIиго батIияб къасиквен (къасиквеналъе кIиго батIияб квен)

БЛЮДУ́ , БЛЮДЁШЬ *и т. д. наст. от* **блюсти́**

БЛЮ́ ДЦЕ *с* налбек

БЛЮ́ МИНГ *м тех.* блюминг (*металл чIинтIизабулеб кIудияб прокаталъул стан*)

БЛЮСТИ́ *несов. что* цIунизе, хъаравуллъи гьабизе; **~ чьи-л. интере́сы** *лъилниги* интересал цIунизе; **~ поря́док** низам (гIадлу-низам, тартиб) цIунизе

БЛЮСТИ́ ТЕЛЬ *м уст. щиб бугониги* мухIканго цIунулев чи, *сундул бугониги* хъаравуллъи гьабулев чи; **~ поря́дка** гIадлу- низам цIунулев чи

БЛЯ́ ХА *ж* бляха (*батIа гьабизе лъазелъун тIад хъвай-хъвагIай (номер, накъищ, расен) гьабураб металлалъул гьитIинаб хъарщи, мас.: рачлил бляха*)

БОБ *м* мочу (*чIегIергьалил, багIаргьалил, хилъалодул ва ц.*); гьалимугь, багIаргьалил мугь ◊ **оста́ться на ~ах** чIового (щибниги щвечIого) хутIизе, гIадада ккезе; хIисаб мекъи ккезе, рикIкIалъ мекъи ккезе

БОБИ□НА *ж тех.* чарх (*производствоялда: жинда тIад щибниги жемизе гьабураб чарх*)

БОБО́В//ЫЙ, -ая, -ое **1.** гьалил, гьолоялъул; **~ые стручки́** гьалил мочаби **2.** *в знач. сущ.* **~ые** *мн.* гьоло, гьалилал культураби (*чIегIергьоло, багIаргьоло, хилъало ва ц.*)

БОБР *м* хундуз (*гIункIкIазул тайпаялъул къиматаб цIоко бугеб хIайван*)

БО́БРИК *м* (*сукно*) бобрик (*эхетараб, бахъун чIараб рас бугеб исхъали, сукно*)

БОБРО́ВЫЙ, -ая, -ое хундузалъул; **~ воротни́к** хундузалъул габур (горбодакквел)

БОГ *м* Аллагь, Бечед, БетIергьан; **~ его́ зна́ет** Алагьасда лъала гьеб; **не дай ~, бо́же избави́** (упаси́ , сохрани́)! Аллагьас цIунаги! **ра́ди ~а** Аллагьасе гIоло; **сла́ва ~у** Аллагьасе рецц

БОГАТЕ́ТЬ *несов.* бечелъизе, рес бугевлъун лъугьине

БОГА́ТСТВ//О *с* 1) (*обилие денег и т. п.*) бечелъи, рес буголъи, гIарац гIемерлъи 2) (*роскошь*) тIасан ккун бечелъи, гьарзалъи, тIокIлъи, чIухIи, 3) *мн.* **~а** буголъи, бечелъи; **приро́дные ~а** тIабигIиял бечелъаби

БОГА́Т//ЫЙ, -ая, -ое 1. 1) бечедаб, рес бугеб; **~ый колхо́з** бечедаб колхоз 2) (*дорогой*) хирияб, багъа хирияб; гьайбатаб, бе-

ричаб; **~ая обстано́вка** хирияб къайи-цIа 3) (*обильный*) гьарзаяб; **~ый урожа́й** гьарзаяб бачIин 2. *в знач. сущ.* **~ый** *м* бечедав (*чи*) ◊ **чем ~ы, тем и ра́ды** бугелда рази руго

БОГАТЫ́РСК//ИЙ, -ая, -ое багьадурасулаб, цIакъ кIудияб, кутакаб, щулияб; **~ая си́ла** багьадурасулаб (*цIакъ кIудияб*) къуват; **~ий сон** багьадурасулаб (щулияб, гьваридаб) макьу

БОГАТЫ́РЬ *м прям*., *перен*. багьадур, бахIарчи

БОГА́Ч *м* бечедав (рес бугев) чи

БОГА́ЧКА *ж* бечедай (рес бугей) гIадан

БОГДЫХА́Н *м устар.* богдыхан (*некIо Китаялъул императорасул титул*)

БОГЕ́МА *ж собир*. богема (*жидер цо чIараб бугольи гьечIел интеллигентал: актерал, художникал ва ц.; гьезул ургъел-агъаз, гIадлу-низам гьечIеб гIумру*)

БОГИ́НЯ *ж* чIужу-аллагь

БОГОБОЯ□ЗНЕННЫЙ, -ая, -ое Аллагьасукьа хIинкъулев

БОГОМО́Л[1] *м уст*. тIад чIун какал ралев чи, какал разе хьвадулев чи

БОГОМО́Л[2] *м зоол*. гIурччинцарагьой (*хIут1)*, арбуригарцI

БОГОМО́ЛЕЦ *м уст. то же, что* **богомо́л**[1]

БОГОМО́ЛЬЕ *с уст*. Аллагьасе хIели, Аллагьасда гьардей, хириял бакIазде икрам гьабизе хьвади, *гьенир* какал рай

БОГОМО́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое Аллагьасе хIелулев, Аллагьасде вуссарав; тIад чIун гIемерал какал ралев

БОГОРО́ДИЦА *ж церк*. (христиан диналда) ГIиса аварагасул эбел

БОГОСЛО́В *м* динияб гIелмуялъул специалист

БОГОСЛО́ВИЕ *с* динияб (диналъул) гIелму

БОГОСЛУЖЕ́НИЕ *с* диниял бакIазда (*килисаялда, мажгиталда ва ц*.) рухIанияз диниял гIадатал, ритуалал тIоритIи (*мас.: мажгиталъур какал рай, дугIа-алхIам цIали, килисаялъуб иконабазе, хъанчие икрам гьаби*)

БОГОТВОРИ□ТЬ *несов. кого-что* хIаталдаса ун, вокьизе, Аллагьлъун вихьизе, Аллагьасда ващад гьавизе, Аллагьлъун кквезе

БОГОХУ́ЛЬНИК *м уст*. Аллагь, дин ва диналъ кIодо гьарулел жал какулев, хIакъир гьарулев чи

БОГОХУ́ЛЬСТВО *с уст*. Аллагь, дин ва диналъ кIодо гьарулел жал каки, хIакъир гьари

БОДА́ТЬ *несов. кого-что* лълъар чIвазе (кьабизе, тункизе), багъизе

БОДА́ТЬСЯ *несов*. багъулеб гIамал букIине; цоцалъ рагъизе

БОДИБИ́ЛДИНГ *м* культуризм, черх лъадаризабун хисизаби

БОДЛИ́В//ЫЙ, -ая, -ое лълъар хьвагIулеб, багъулеб; **~ая коро́ва** лълъар хьвагIулеб (багъулеб) гIамал бугеб гIака; **~ой коро́ве бог рог не даёт** *погов*. багъулеб гIакдае Аллагьас лълъурдул кьоларел

БОДРИ́//ТЬ *несов. кого-что* ракI батизабизе, гьира (жигар, шавкъ) ккезабизе, чIинкьа-кIитIизавизе; **у́тренний холодо́к ~т** рогьалил квачалъ чIинкьа-кIитIизавула

БОДРИ́ТЬСЯ *несов*. тирилъун, лебаллъун, чIинкьа-кIитIун тирха-кIичун лъугьине

БО́ДРОСТЬ *ж* тирилъи, лебаллъи, жигар букIин, тирха-кIичи; **~ ду́ха** рухIалъул тирха-кIичи; **вселя́ть ~** *в кого-л. лъилниги* чорхолъе чIинкьа-кIитIи лъугьинабизе, тирха-кIичизавизе

БО́ДРСТВОВАТЬ *несов*. кьижичIого чIезе; **~ всю ночь** тIубараб сордоялъ кьижичIого чIезе

БО́ДРЫЙ, -ая, -ое тирияб, лебалаб, чIинкьа-кIитIараб; **~ стари́к** чIинкьа-кIитIарав херав; **име́ть ~ вид** чIинкьа-кIитIараб куц-мухъ, сипат букIине

БОДРЯ́ЩЕ//ИЙ, -ая, -ое тирилъизабулеб, тирха-кIичизабулеб; **~ая прохла́да** тирха-кIичизабулеб гьогьен

БОДРЯ́К *м разг.* лебалав, тирияв, къвакIарав чи; *неодобр*. сундаго ракIчIей бугев чи

БОДЯ́ГА *ж* чIобогояб махсара-хочI

БОЕВИ́К *м* 1) боевик (*балагьизе гIемерал чагIи рачIунеб, балагьаразе кIудияб асар гьабулеб кинофильм*) 2) пачалихъалда данде чIараб рагъулаб тунка-гIусиялда кодоб ярагъгун гIахьаллъи гьабулев чи

БОЕВ//О́Й, -а́я, -о́е 1) рагъулаб, кьалулаб; **~а́я гото́вность** рагъулаб хIадурлъи; **~о́е донесе́ние** рагъулаб донесение (лъазаби, баян, хабар); **~а́я награ́да** рагъулаб шапакъат; **~а́я подгото́вка войск** аскаразул рагъулаб хIадурлъи**;** **~о́й уста́в** рагъулаб устав 2) *разг*. лебалав, къамартIав, ярагъунев; **~ой па́рень** лебалав вас (гIолохъанчи); **~о́е креще́ние** рагъда гьоркьоб тIоцебе гIахьаллъи гьаби

БОЕГОЛО́ВКА *ж спец.* боеголовка (*рагъулаб ракетаялъул кьвагьулеб заряд бугеб цебесеб бутIа*)

БОЕЗАРЯ́Д *м* боезаряд (*рагъулаб заряд*)

БОЁК *м* 1) (*в оружии*) патрон кьвагьизе пистоналда речIчIулеб магI, гIанкIваялъул гозо 2) хIухьлаца хIалтIизабулеб кIвартIил мáгIида речIчIулеб бутIа

БОЕПРИПА́СЫ *мн*. рагъулал сурсатал, гулла-хер

БОЕСПОСО́БНОСТЬ *ж* рагъуе ярагьин, рагъун бажари; **~ а́рмии** армиялъул рагъуе ярагьин

БОЕСПОСО́БНЫЙ, -ая, -ое рагъуе бажари бугеб, багъун бажарулеб, багьизе кIолеб (лъалеб)

БОЕ́Ц *м* 1) мухъилав рагъухъан, аскарияв, солдат 2) рагъулъ гIахьаллъарав (гIахьаллъулев) чи 3) зарударагъалъул гIахьалчи

БО́ЖЕ *межд. разг. уст.* гьай (вай, аман); Аллагь; **~ , как здесь краси́во!** вай Аллагь, кигIан берцинха гьаниб бугеб!

БО́ЖЕСК//ИЙ, -ая, -ое *разг*. 1) аллагьасул(аб) 2) (*терпимый, приемлемый)* кьабулаб, бегьулеб, ярагьунеб; хIехьезе бегьулеб (кIолеб); **~ие це́ны** кьабулаб, хIехьезе бегьулел багьаби; **по-бо́жески поступи́ть** битIараб куцалъ гьабизе

БОЖЕ́СТВЕННЫЙ, -ая, -ое 1) аллагьасулаб, иллагьияб, динияб 2) *разг*. цIакъ гьайбатаб , цIакъ берцинаб

БОЖЕСТВО́ *с* Аллагь, Бечед, БетIергьан

БО́Ж//ИЙ, -ья, -ье аллагьасул(аб); **~ья во́ля** Аллагьасул хIалкIолъи, Аллагьас хъвай; **ка́ждый ~ий день** Аллагьас бижараб цо къо гьоркьоб биччачIого, щибаб къоялъ; **я́сно как ~ий день** цIакъ баянаб (якъинаб, загьираб) буго; **~ья коро́вка** *зоол*. канарко (яси-васи канарко)

БОЖИ́ТЬСЯ *несов*. Аллагьасул цIаралдалъун (Аллагьасул цIар бахъун) гьедизе, гьедаризе (“АллагьасхIаги”, -ян гьедизе)

БОЖО́К *м* 1) гьитIинаб идол (*аллагьлъун ккун, жиндие лагьлъи гьабулеб жо*) 2) *перен*. ирон. цIакъ вокьулев чи (йокьулей чIужугIадан); **роди́тели сде́лали из ма́льчика божка́** эбел-инсуца вас аллагьлъун ккун вукIана

БОЙ *м* 1) (*битва, сражение*) рагъ, **воздýшный ~** гьавая-лъулаб рагъ; **по́ле боя** рагъул майдан; **вести́ ~** рагъ гьабизе 2) (*борьба, состязание*) рагъ, къеркьей, къец, къецалде рахъин; **кула́чный ~** зарударагъ 3) гъури; гъурараб жо (*мас. гъурараб цIарагI, цIер, щегI, кирпич ва ц*.); **~ часо́в** сагIтил кьаби; **бараба́нный ~** къолол кьаби (гьаракъ); **уступи́ть без бо́я** рагъичIого (рагъ гьабичIого) къезе

БОЙКА́ *род. п. от* **боёк**

БО́ЙК//ИЙ, -ая, -ое 1) лебалав, тирияв, речIчIа-регIарав, жигарав, чIаголъи бугев; **~ий ма́льчик** лебалав (тирияв, речIчIарегIарав) вас 2) (*оживленный, людный*) хъуй (хъуй-хъай) бугеб, гIадамал гIемераб; **~ий разгово́р** хъуй-хъаялда гьабулеб кIалъай (гара-чIвари); **~ая торго́вля** гIадамал гIемераб, хъуй-хъаялда гьабулеб даран ◊ **~ий на язы́к** рагIи кьварарав

БОЙКО́Т *м* бойкот (1. *политикияб ва экономикияб къеркьей хIисабалда хIалтIудаса, хъулухъалдаса ялъуни кирниги гIахьаллъиялдаса инкар гьаби; 2. лъиде (сунде) бугониги дандечIей хIисабалда гьоркьоблъи тIезаби, къотIизаби*); **объяви́ть ~** *кому-л. лъиде бугониги* дандечIей лъазабизе

БОЙКОТИ□РОВАТЬ *несов. кого-что* дандечIей гьабизе; **~ вы́боры** рищиязда дандечIей гьабизе

БОЙНИ□ЦА *ж* суйи, бойница (*хъалаялъул къадалъ кьвагьдезе ярагъ баккизабулеб горду, карат1)*

БО́ЙНЯ ж 1) (*скотобойня*) къасабхана, боцIи хъвехъулеб бакI 2) *перен.* (*массовое убийство людей*) гъурун рай, чIвадари, чIвай

БО́ЙСЯ, БО́ЙТЕСЬ *повел. от* **боя́ться**

БОЙЦА́ *род. п. от* **бое́ц**

БОК *м* 1) хьибил; **спать на пра́вом ~у** кваранаб хьолбода кьижизе; **у меня́ ко́лет в ~ý** дир хьолбода хIунсулеб буго 2) (*сторона*) рахъ, бакI; **по ~а́м** рахъ-рахъалда ◊ **~ о́** ~ хьибил цун, цIакъго аскIор ◊ **взять за ~á** *кого-л. щибниги жо* гьабизабизе, цо ишалде вуссинавизе, жаваб тIалаб гьабизе; **по́ боку** хьолбодасан, хьолбохъан; **под ~ом** хьолбохъ, аскIобго; **с ~у припёка** (*прост*.)

хIажат гьечIеб, къваригIунареб, тIокIаб, *лъидехуннигu яги сундехуннигu* гьоркьоблъи гьечIеб

БОКА́Л *м* лълъар, бокал (*чагъир гьекъолеб кIудияб рюмка*); **подня́ть ~** *за кого-л. лъилниги* хIурматалда лълъар (бокал) боркизе

БОКОВ//О́Й, -ая, -о́е хьибилалда (дасан) бугеб, хьибилаб рахъалда бугеб; **~ое окно́** хьибилаб рахъалда бугеб горду ◊ **отпра́виться на ~ую** кьижизе, вегизе вахъине

БО́КОМ *нареч*. хьибилса, хьибил буссинабун; **стоя́ть ~** *к кому-л. лъидехун бугониги* хьибилса (хьибил буссинабун) чIезе

БОКС[1] *м спорт*. бокс

БОКС[2] *м* бокс (*тIарцIго къунщбиги гъванщаги къунцIун къачIараб бихьиназул катIари*)

БОКС[3] *м* (*спец*.) бокс (*сах гьарулеб бакIалда цIакъ унтарасе, бахунеб унти бугесе хасаб рукъ* (*изолятор*)

БОКСЁР[1] *м спорт*. боксер

БОКСЁР[2] *м* боксер (*тIарцIаб расалъул, гIебаб хонехалъул къуватаб гьой, немцазул бульдог*)

БОКСЁРСК//ИЙ, -ая, -ое боксёрасул(аб), боксёразул(аб); **~ие перча́тки** боксёразул квердаххелал

БОКСИ́Т *м* боксит (*алюминиялъулаб руда*)

БОКСИ́РОВАТЬ *несов*. бокс гьабизе, боксалъул къагIидаялъ рагъизе, кьабезе

БОЛВА́Н *м* 1) (*чурбан*) хIехь; *сундулниги* къотIун рехараб кесек 2) тIагърикуц 3) *разг. бран*. ахIмакъ, хIехьмахIав чи, лъавукъ

БОЛВА́НКА *ж* 1) *тех. жиндасан щибниги гьабизе хIадураб* металлалъул яги цIулал кесек 2) (*для головных уборов)* тIагърикуц

БОЛГА́РИН *м* болгарав

БОЛГА́РКА *ж* болгарай

БОЛГА́РСКИЙ, -ая, -ое болгаразул, болгаразулаб, болгарияльулаб

БОЛГА́РЫ *мн*. болгарал

БОЛЕВ//О́Й, -а́я, -о́е унтул(аб); **~ое ощуще́ние** унтулаб асар, унти лъай

БО́ЛЕЕ *нареч*. цIикIкIун, дагьабги, жеги цIикIкIун; **~ си́льный** дагьабги къуватаб ◊ **~ и́ли ме́нее** цо къадаралда, гIагашагарго; **~ того́** гьелда тIадеги; **тем ~, что . . .** хас гьабун, хасго . . . -дал, -лъул, -алъ; **как ста́рший, ты до́лжен возгла́вить отря́д, тем ~, что ме́стность зна́ешь хорошо́** кIудияв вугелъул, дуца къокъаялъе бетIерлъи гьабизе ккола, хасго дуда бакIги лъикI лъалелъул

БОЛЕ́ЗНЕННОСТЬ *ж* 1) (*слабое здоровье*) унтабаз кквей, унти букIин, сахлъи гьечIолъи 2) (*боль*) унти

БОЛЕ́ЗНЕНН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*нездоровый*) унти бугеб, унтараб гIадаб, сахаб гуреб; унтабаз ккураб; **~ый ребёнок** унтабаз ккураб лъимер 2) (*причиняющий боль*) унтизабулеб 3) (*преувеличенный, чрезмерный*) нормаялдаса (роцадаса) бахъараб, гIорхъодаса араб (борчIараб); **~ая чувстви́тельность** цIакъ хехго хъатIи, асар лъугьин

БОЛЕЗНЕТВО́РН//ЫЙ, -ая, -ое унти лъугьинабулеб (бахинабулеб), унтиялъе сабаблъун бугеб; **~ые микро́бы** унти бахинабулел микробал

БОЛЕ́ЗН//Ь *ж* унти, чорхол сахлъи хвей; **зара́зная ~ь** бахунеб унти; **морска́я ~ь** ралъад рекIин, ралъдал унти (*карачелаз гама хьвагIезабиялъ лъугьинабулеб унти*); **исто́рия ~и** унтул история

БОЛЕ́ЛЬЩИК *м разг*. болельщик (*спорт бокьулев, ракI унтун гьелъул интерес гьабулев чи; щибниги жоялда ракI унтулев, гьелъул цIакъ интерес гьабулев чи*)

БОЛЕ́ЛЬЩИЦА *ж* болельщица (*спорт бокьулей, ракI унтун гьелъул интерес гьабулей гIадан; щибниги жоялда ракI унтулей, гьелъул цIакъ интерес гьабулей гIадан*)

БОЛЕРО́ *с нескл*. болеро (*испаниязул миллияб кьурди*)

БОЛЕ́ТЬ[1] *несов*. 1) *чем (быть больным)* унтизе; **~ воспале́нием лёгких** гьуърул гьорон унтизе 2) *за кого-что, о комчём перен. лъиданиги-сунданиги* ракI унтизе, интерес гьабизе; рахIат хвезе; рахIат хун лъугьине; **~ за сы́на** васасе гIоло рахIат хвезе

БОЛ//Е́ТЬ[2] *несов*. (*испытывать боль*) унти лъазе; **голова́ ~и́т** бетIер унтулеб буго; **что у вас ~и́т?** щиб дур унтулеб бугеб? ◊ **у меня́ душа́ ~и́т** дир ракI унтулеб (кьварилъулеб) буго; **у кого́ что ~и́т, тот о том и говори́т** лъил щиб унтаниги, гьелъул бицуна

БОЛЕУТОЛЯ́ЮЩ//ИЙ, -ая, -ее унти къотIизабулеб, гIодоцинабулеб, сасинабулеб; **~ие лека́рства** унти къотIизабулел дарманал

БОЛИ́Д *м* болид (*гвангъараб кIудияб метеор*)

БОЛО́НКА *ж* болонка (*керчаб тамахаб расалъул рокъоб хьихъулеб гьитIинаб гьой*)

БОЛО́ТИНА *ж прост*. хьуцIахараб бакI

БОЛО́ТИСТ//ЫЙ, -ая, -ое хьуцIахараб, хьуцIал гIемераб (гьарзаяб); **~ая ме́стность** хьуцIахараб бакI

БОЛО́ТН//ЫЙ, -ая, -ое хьуцIил(аб), хьуцIазул(аб), хьуцIазда букIунеб; **~ый газ** хьуцIигаз (*хьуцIилъа къватIибе бачIунеб кьерги гьечIеб цIа рекIунеб квешаб махIалъул газ*)

БОЛО́ТО *с* 1) хьуцI 2) *перен.* жиндие нахъеккей, чIунхути, жигарчилъи гьечолъи хасиятабщинаб жо

БОЛТ *м* 1) болт (*гайка кьуризе резбаги бугеб бурав*); **скрепля́ть** *что-л.* **~а́ми** *щибниги* болтаз щула гьабизе 2) (*засов*) горда, нуцIида нахъа балеб маххул хIос, тугъас, чIор

БОЛТА́НКА *ж разг*. хьвагIей, чIучIади, кIибикIахъди (*гьавваялда самолет*)

БОЛТА́ТЬ[1] *несов. разг.* 1) *чем* хьвагIезабизе; **~ нога́ми** хIатIал хьвагIезаризе 2) *что* (*взбалтывать*) чвалхезабизе, багъаризе; **~ чай ло́жкой** балхъица чай багъаризе

БОЛТА́ТЬ[2] *несов. что и без доп. разг*. 1) (*говорить*) гIадада (гIемер) гаргадизе, хочI (чIанда) бицине; **~ глу́пости** ахIмакъал жал рицине, чIанда бицине; **~ без у́молку** гьоркьоса къотIичIого, (чIей гьечIого) чIана бицине 2) (*бегло говорить*) хех гаргадизе; **~ по-англи́йски** ингилис мацIалда хех гаргадизе

БОЛТА́//ТЬСЯ *несов*. 1) (*висеть*) дал-дализе, дал-далун хьвагIезе; **коне́ц по́яса ~ется** рачлил кIал дал-далун буго 2) тартадизе, хьвагIезе, чвалхезе 3) (*слоняться*) женжедизе, гIадада свердизе, свердулев вукIине; **~ться без де́ла** иш гьечIого, гIадада свердизе

БОЛТЛИ́ВОСТЬ *ж* гIемер (гIадада) гаргади

БОЛТЛИ́ВЫЙ, -ая, -ое гIемер (гIадада) гаргадулев, кIалбазарав, болъголъи цIунизе кIоларев

БОЛТОВН//Я́ *ж* чIанда, хочIхабар, чIандахабар, магIна геьечIеб гаргар; **занима́ться ~ёй** чIанда бицине

БОЛТУ́Н[1] *м разг*. (*о человеке*) чIаначи, кIалбазар, хабарчи, харбилав, гIадада (гIемер) гаргадулев чи; балъголъи цIунизе кIоларев чи (рагIи жаниб лъоларев чи)

БОЛТУ́Н[2] *м разг*. (*яйцо*) бигараб хоно (*гIемер мехалъ къурщикь букIараб, хьонтIи гьечIого, бигараб хоно*)

БОЛТУ□НЬЯ *ж* чIаначIужу, кIалбазар, харбилай, гIадада (гIемер) гаргадулей гIадан; балъголъи цIунизе кIоларей гIадан

БОЛЬ *ж* унти; **головна́я ~** ботIрол унти; **испы́тывать ~** унти бихьизе (лъазе); **с ~ю в се́рдце** рекIелъ унтигун, ракI унтун

БОЛЬНИ́ЦА *ж* больница, азархана (*уст*.)

БОЛЬНИ□ЧНЫЙ, -ая, -ое больницаялъул(аб), азарханая-лъул(аб) (*уст*.); **~ халáт** больницаялъул халат ◊ **~ лист** больничный лист, (унтун вукIаравлъи тасдикъ гьабулеб кагъат (лист)

БО́ЛЬНО[1] 1. нареч. унтун, унтуледухъ; **уда́рить ~** унтуледухъ кьабизе 2. *в знач. сказ. безл. прям., перен*. унтулеб буго, ракI бухIулеб буго, рекIее захIмалъулеб буго, гурхIизе бачIунеб буго; **мне ~** дида унтулеб буго; **мне ~ за него́** дир досда ракI гурхIулеб (гурхIизе бачIунеб) буго, гьесда ракI унтулеб буго

БО́ЛЬНО[2] *нареч. прост*. (*слишком*) цIакъ, кутакалда, дагьабги цIакъ; **он ~ хитёр** дов цIакъ сихIирав вуго

БОЛЬН//О́Й, -а́я, -о́е 1. унтарав, щокъав; **~о́й ребёнок** унтараб лъимер 2. *в знач. сущ*. **~о́й** *м*, **~а́я** *ж* унтарав, унтарай; **приём ~ы́х** унтарал тIаде къабул гьари ◊ **~о́й вопро́с** тIубазе кколеб, амма захIматаб суал; **~ое ме́сто** унтараб бакI, загIипаб рахъ

БОЛЬША́К[1] *ж* (*дорога*) кIудияб нух, шагьранух, шагьра

БОЛЬША́К[2] *м* (*обл*.) рукъалъул кIудияв, хъизамалъул бетIер

БО́ЛЬШЕ 1. *сравн. ст. к* **больша́й** *и* **мно́го**; **как мо́жно ~** кIварабгIан цIикIкIун; **не ~ трёх рубле́й** лъабго гъурущалдаса цIикIкIинчIого 2. *нареч*. 1) (*впредь, еще*) тIокIалъ; **~ туда́ не ходи́** тIокIалъ дове унге 2) (*преимущественно*) гIемерисеб мехалъ;

ку́рим мы ~ папиро́сы гIемерисеб мехалъ нижеца папиросал цIала ◊ **ни ~, ни ме́ньше** я цIикIкIун гуро, я дагь гуро, дурусго

БО́ЛЬШЕ- *журарал рагIабазулъ* «кIудияб» *абураб магIна кьолеб бутIа;* **большеголо́вый** бетIер кIудияв; **большегла́зый** берал чIахIияв

БОЛЬШЕВИ□ЗМ *м* большевизм

БОЛЬШЕВИ́К *м* большевик (*большевик партиялъул член*)

БОЛЬШЕВИ́СТСКИЙ, -ая, -ое большевиказул(аб)

БОЛЬШЕВИ́ЧКА ж большевичка (*большевик партиялъул член*)

БО́ЛЬШ//ИЙ, -ая, -ее *сравн. ст. к* **большо́й**; **~ая часть** цIикIкIарасеб бутIа ◊ **~ей ча́стью** аслияб куцалъ, гIемерисеб мехалъ (нухалъ); **са́мое ~ее** бищун цIикIкIун

БОЛЬШИНСТВО́ *с* цIикIкIараб бутIа, гIемерал; **~о́ голосо́в** гьаркьазул цIикIкIараб бутIа; **подавля́ющее ~о́** цIакъго (гIемерго) цIикIкIараб бутIа; **в ~е́ слу́чаев** гIемерисеб мехалъ (нухалъ, заманаялъ)

БОЛЬШ//О́Й, -а́я, -о́е 1) кIудияб; **~о́й го́род** кIудияб шагьар; **~а́я бу́ква** (*прописная*) кIудияб хIарп 2) (*значительный, выдающийся*) тIадегIанаб, кIудияб; **~а́я побе́да** кIудияб бергьенлъи; **~о́й ма́стер** кIудияв устар 3) (*многочисленный*) гIемераб; **~а́я родня́** гIемераб гIагарлъи; ◊ **~о́й па́лец** буртIинкилищ; **де́лать ~и́е глаза́** тамаша-лъизе, тамашалъи гьабизе; гIажаиблъи гьабизе, гIажаиблъизе

БОЛЬШУ́ЩИЙ, -ая, -ее *разг.* цIакъго (бергьун) кIудияб

БОЛЯ́ЧКА *ж разг.* тIихь, бижаражо, цIирараб жо (*рецIцI ккараб*)

БО́МБ//А *ж* бомба; **а́томная ~** атомияб (атомалъул) бомба; **нейтро́нная ~** нейтронияб (нейтроналъул) бомба; **термоя́дерная ~** термоядернияб бомба; **сбра́сывать ~ы** бомбаби рехизе (разе)

БОМБАРДИ́Р *м* бомбардир (1 *пачаясулаб армиялда ва флоталда: солдат-гIарадачи;* 2 *футболалда ва хоккеялда: тIаде кIанцIулев, гьужум гьабулев; цIикIкIун торгIо, шайба кьабулев*)

БОМБАРДИРОВА́ТЬ *несов.* 1) *кого-что* бомбаби рехизе (разе) гIарада базе; **~ го́род** шагьаралда тIаде бомбаби рехизе (гIарада базе) 2) *перен. кого-что чем разг. шутл. щибниги* тIалаб гьабун, гьарун, *лъихъениги* гIемер кагътал, телеграммаби *ва ц.* ритIизе ◊ **~ пи́сьмами** кагътазул цIад базабизе

БОМБАРДИРО́ВКА *ж* бомбаби рехи, гIарада бай

БОМБАРДИРО́ВОЧН//ЫЙ, -ая, -ое бомбаби рехулеб, бомбаби рехиялда хурхараб; **~ая авиа́ция** бомбаби рехулеб авиация

БОМБАРДИРО́ВЩИК *м* бомбардировщик (*бомбаби рехулеб самолет*)

БОМБЁЖКА *ж разг.* бомбаби рехи (рай)

БОМБИ□ТЬ *несов. кого-что* бомбаби рехизе (разе)

БОМБО- *журарал рагIабазулъ* “бомба”, “бомбаби” *абураб магIна кьолеб бутIа;* **~воз** *см.* **бомбардиро́вщик**; **~мета́ние** бомбаби рехи (рай)

БОМБОУБЕ́ЖИЩЕ *с* бомбоубежище (*бомбабаздаса цIунизе кIанцIулеб, рахчулеб бак1)*

БОНДА́РНЫЙ, -ая, -ое чирмаби гьарулеб; **~ заво́д** чирмакъалал гьарулеб завод

БОНДА́РЬ *м* чирмакъалал гьарулев чи, чирмакъалазул устар

БОР[1] *м* (*лес*) ракъдалаб борхалъуда бижараб накIкIирохь

БОР[2] *м тех.* бор (*гIусазул тохтирас хIалтIизабулеб чармил рочохен*)

БОР[3] *м* бор (*хим. элемент*)

БОРДО́ *прил. неизм.* (*о цвете*) бецIбагIараб

БОРДО́В//ЫЙ, -ая, -ое бецIбагIараб; **~ая ко́фта** бецIбагIараб кофта

БОРДЮ́Р *м* мицIир; **~ тротуа́ра** тротуаралъул мицIир; **~ тка́ни** ххамил мицIир

БОРЕ́Ц *м* 1) *за что-л.* кьеркьохъан; **~ за свобо́ду** эркенлъиялъе гIоло кьеркьохъан 2) *спорт.* речIчIухъан, гугарухъан

БОРЖО́МИ *м и с нескл. и разг.* **боржо́м** *м* боржом (*магIданал гьорлъ ругеб даруяб лъим*)

БОРЗА́Я *ж* чанил гьабзазул цо тайпа (*бегIераб халатаб хонехалъул, тIеренал халатал махIабазул, кIудияб черхалъул чанил гьой*)

БО́РМАШИ□НА *ж* бормашина (*цаби къачIазе хIалтIизабулеб машина*)

БОРМОТА́ТЬ *несов. что и без доп.* гунгудизе, гъунгъудизе, гъулгъудизе; бичIчIуларедухъ, рагIуларедухъ гаргадизе

БОРМОТУ́Н *м разг.* гунгудиро, гъунгъудиро, гъулгъудиро (*бичIчIуларедухъ, рагIуларедухъ гаргадулев чи*)

БО́РН//ЫЙ, -ая, -ое боралъул; **~ая кислота́** боралъул кислота; **~ый вазели́н** боралъул вазелин

БО́РОВ[1] *м* 1) ахтаяб бихьинболъон; хъабан 2) *разг.* (*о человеке*) хъабан (*вицатав хIинцав чи*)

БО́РОВ[2] *м спец.* кIкIуйдул тIалаялъул цо бутIа (*печалдасан аслияб кIкIуйдул тIалаялде щвезегIан бугеб бегараб нух*)

БОРОВИ□К *м* боровик (*гIурдахIаназул цо тайпа*)

БОРОДА́ *ж* мегеж

БОРОДА́ВКА *ж* цIинкир

БОРОДА́ВЧАТЫЙ, -ая, -ое цIинкрахараб, цIинкразул цIураб, цIинкрал гIемераб

БОРОДА́ТЫЙ, -ая, -ое мегеж бугев, магжилав; **~ стари́кмегеж бугев (тарав) херав**

БОРОДА́Ч *м разг.* магжилав, мегеж бугев (тарав) чи

БОРО́ДКА *ж* 1) (*борода*) гьитIинаб мегеж; **~ кли́нышком** лъутIгадаб гьитIинаб мегеж 2) (*ключа*) кIулил гожо

БОРОЗД//А́ *ж* 1) пурцирахъ (*пурцица, кутаналъ бахъараб рахъ*); **ста́рый бык ~ы́ не испо́ртит** (*посл.*) хераб оцоца рахъ хвезабуларо (хераб оцол рахъ битIараб) 2) букIкIен

БОРОЗД//И́ ТЬ *несов. что* 1) (*пахать*) рахъ базе, рахъал разе; **плу́ги ~я́ т зе́млю** пу́рцаца (ку́тнаца) ракьалда рахъал ралел руго 2) (*оставлять следы*) лъалкIал тезе; **ло́дка ~ит гла́дкую пове́рхность воды́** лъел цIвакараб тIалъиялда росоца лъалкIал толел руго 3) (*покрывать бороздками*) сукIелал ккезаризе, букIкI-букIкIинабизе; **морщи́ны ~я́т лицо́** рукIкIалабаз гьумер букIкI-букIкIинабулеб буго

БОРО́ЗДКА *ж* 1) *уменьш. от* **борозда́** 2) (*углубление*) халатаб тIадгояб гъварилъи, рахъ

БОРО́ЗДЧАТЫЙ, -ая, -ое рахъал ругеб, рахъазул цIураб, букIкI-букIкIараб

БОРОНА́ *ж* гъари

БОРОНИ́ТЬ *несов. см.* **бороновáть**

БОРОНОВА́НИЕ *с* гъари бахъи

БОРОНОВА́ТЬ *несов. что* гъари бахъизе

БОРОНЬБА́ *ж см.* **бороновáние**

БОРО́ТЬСЯ *несов.* 1) *с кем-чем, против кого-чего, за что* къеркьезе, *сундугниги* хIаракат (жигар) бахъизе; **~ с бюрократи́змом** бюрократизмалда данде къеркьезе; **~ за мир** ракълие гIоло къеркьезе; **~ за высо́кий урожа́й** цIикIкIараб бачIиналъе гIоло къеркьезе 2) *с кем спорт.* гугаризе, речIчIахъ лъугьине

БОРТ *м* 1) *(судна)* борт, гамил хьибил; **на ~ý корабля́** гамида тIад; **челове́к за ~ом!** гамидаса къватIивехун (лъелъ) гIадан вуго! 2) (*грузовика*) борт, хьибил 3) (*одежды*) борт (*цебесан, кIичIал ран, данде рахалеб ратIлил кваранаб яги квегIаб рахъ*)

БОРТ- «*самолеталда тIад вукIунев», «самолеталъе ва пассажиразе хъулухъ гьабулев» абураб магIна бугел журарал рагIабазул тIоцебесеб бутIа*

БОРТИНЖЕНЕ́Р *м* бортинженер (*самолеталъул яги космосалъулаб гамил техникаяб рахъ лъикI лъалев ва гьелъул тIалаб гьабулев инженер*)

БОРТМЕХА́НИК *м* бортмеханик (*механик – самолеталъул экипажалъул член*)

БОРТОВО́Й, -а́я, -о́е борталъулаб; **~ журна́л** борталъулаб журнал

БОРТПРОВОДНИ́К *м* бортпроводник (*граждан авиация-лъул самолеталда рекIаразе (пассажиразе) хъулухъ гьабулев хIалтIухъан*)

БОРТПРОВОДНИ́ЦА *ж* бортпроводница (*граждан авиацияльул самолеталда рекIаразе (пассажиразе) хъулухъ гьабулей чIужугIадан*)

БОРТРАДИ□СТ *м* бортрадист (*радист – самолеталъул экипажалъул член*)

БОРТЬ *ж спец. гъотIол яги хIохьол гьодориялъуб* найил тIала

БОРЦА́ *род. п. от* **боре́ц**

БОРЩ *м* борщ, овощазул чурпа

БОРЬБА́ ж 1) къеркьей; ~ **за мир** ракълие гIоло къеркьей; **кла́ссовая** ~ классияб къеркьей; **национа́льно-освободи́тельная** ~ миллияб эркенлъиялъе гIоло къеркьей; ~ **за улучше́ние ка́чества проду́кции** къайидул качество лъикIлъизабиялъе гIоло къеркьей (къайи лъикI гьабиялъе гIоло къеркьей) 2) (*спорт*.) гугари, речIчIахъ лъугьин; **класси́ческая** ~ классикияб гугари

БОСИКО́М *нареч*. хIатIилицIго, хIатIал гIицIго; **ходи́ ть** ~ хIатIал гIицIго хьвадизе

БОСО́Й, -а́я, -о́е хIатIида гIицIав, хIатIал гIицIав; **на бо́су но́гу** гIицIаб хIатIида (*щватаби гьечIого*)

БОСОНО́ГИЙ, -ая, -ое *см*. **босо́й**

БОСОНО́ЖК//И *мн*. (*ед*. **~а** *ж*) босоножкаби

БОСТО́Н *м* бостон (1 *кагьтаз хIаялъул цо къагIида;* 2 *квасул ххамил къиматаб сорт;* 3 *кьурдиялъул цо тайпа*)

БОСЯ́ К *м* пасак, сарсахъ (*классияб сипат лъугIарав чи*)

БОТ[1] *м* (*судно*) бот (*гьитIинаб гама*)

БОТ[2] *м см*. **боти́ нки**

БОТА́НИК *м* ботаник, ботаникаялъул специалист

БОТА́НИКА *ж* ботаника (*хурдузул хIакъалъулъ бугеб гIелму*)

БОТАНИ́ ЧЕСКИЙ, -ая, -ое ботаникияб, ботаникаялъулаб; ~ **сад** ботаникияб ах

БОТВА́ *ж* хоро, маж, ламщу

БОТВИ́ НЬЯ *ж* ботвинья (*чIакIултIаналъул тIамахгун, пергун, ччугIагун, тIаде квасги тIун гьабураб цIорон кваналеб квен*)

БО́ТИК//И *мн*. (*ед*. ~ *м*) *и* **бо́ты** *мн*. (*ед*. **бот** *м*) ботаби, ботал (*кIалал рорхатал калошал*)

БОТИ□Н//КИ *мн*. (*ед*. **~ок** *м*) ботинкаби

БОТФО́РТ//Ы *мн*. (*ед*. ~ *м*) ботфортал (*кIалалги гIатIидал рорхатал чакмаби*)

БО́ЦМАН *м* боцман *(гамил магIишатияб командаялъе бетIерлъи гьабулев гьитIинав офицер)*

БОЧА́Р *м* чирмаби гьарулев чи

БОЧА́РНЫЙ, -ая, -ое *см*. **бонда́рный**

БО́ЧКА *ж* чирма, чирмакъали; **водово́зная** ~ лъим баччулеб чирма ◊ **безде́нная** ~ гIемераб жо гьекъаниги, мехтуларев чи; тIину гьечIеб чирма гIадав чи

БОЧКО́М *нареч. см*. **бо́ком**; **пробира́ться** ~ хьибиласа ине, гъажалзул бетIер цебехун гьабун, ине

БОЧО́НОК *м* гьитIинаб чирма

БОЮ□СЬ, БОИ□ШЬСЯ *и т. д. наст. от* **боя́ ться**

БОЯЗЛИ□ВЫЙ, -ая, -ое хIинкъулеб; ~ **зверь** хIинкъулеб жанавар

БО́ЯЗНО 1. *нареч*. хIинкъун 2. *в знач. сказ. безл*. хIинкъараб буго; ~ **идти́ ве́чером** къаси мехалъ ине хIинкъараб буго

БОЯ□ЗН//Ь *ж* хIинкъи; **из ~и** хIинкъиялъ

БОЯ□РИН *м ист*. боярав (*некI ракьалъул бетIергьанасда, тIадегIанаб даражаялъул чиясда абулеб букIараб цIар*)

БОЯ□РСКИЙ, -ая, -ое боярасул(аб), бояразул(аб)

БОЯ□РСТВО *с собир*. боярал

БОЯ□□РЫНЯ *ж* боярасул чIужу

БОЯ□РЫШНИК *м бот*. тIогьи (гъадило)

БОЯ□РЫШНИЦА *ж* боярышница (*кIалкIучIазул цо тайпа*)

БОЯ$_{п}$РЫШНЯ *ж* боярасул росасе инчIей яс

БОЯ́ТЬСЯ *несов. кого-чего и с неопр*. хIинкъизе; ~ **волко́в** бацIазукьа хIинкъизе; ~ **сы́рости** рагьликьа хIинкъизе; ~ **простуди́ться** квачан унтизе гурилан хIинкъизе; **фотопласти́нки боя́ тся све́та** фотопластинкаби канлъукьа хIинкъула; **я бою́ сь, что он не придёт** дов вачIинарилан, хIинкъун вуго дун

БРА *с нескл*. къеда балеб чирахъ

БРАВА́ДА *ж книжн*. хIамабагьадурлъи (*рихьдае гьабулеб лебаллъи, багьадурлъи*), рихьдае хIай

БРАВИ□РОВАТЬ *несов. чем книжн*. рихьдае ва реццалъе лебаллъи (*бахIарчилъи, квари, къартI ва ц.*) бихьизабизе

БРА́ВО *межд*. браво, хIалчIахъад, гьай, баркала, цIакъ лъикI (*сценаялда бихьизабулеб спектакль, кечI, кьурди ва ц. бокьи, гьелдаса цIакъ разилъи бичIчIизабизе балагьараз абулеб рагIи*)

БРАВУ□РНЫЙ, -ая, -ое *книжн*. ахIи-хIур (хъуй-хъай, чIаголъи) бугеб (*музыкаялъул хIакъалъулъ*)

БРА́ВЫЙ, -ая, -ое къартIав, къамартIав, бихьинаб рагъарашариялъул, бахIарчияб хасиятлъул; ~ **солда́т** къартIав (къамартIав) солдат

БРА́ГА *ж* брага (*рокъоб гьабураб пиво*)

БРАДА́ *ж уст. см.* **борода́**

БРАДОБРЕ́Й *м уст. шутл*. даллак; *см*. **парикма́хер**

БРА́ЖНИК *м уст*. гьекъолдухъан; саяхъ

БРА́ЖНИЧАТЬ *несов. уст. шутл*. гьекъолдизе, гьекъолдулаго заман тIамизе; саяхъ хьвадизе

БРАЗДЫ́ *мн*.: ~ **правле́ния** хIакимлъиялъул квелъ, квершел; нухмалъи; хIакимлъи

БРАЗИ□ЛЬЦЫ *мн*. (*ед*. **брази́ лец** *м*) бразилиял

БРАК[1] *м* ригьин, рос-лъадилъи; **сочета́ться ~ом, вступи́ ть в** ~ ригьин гьабизе, **состоя́ть в ~е** ригьин букIине, ригьнада рукIине

БРАК[2] *м* гъая, жагъаллъи бугеб мал, къайи; брак

БРАКЁР *м* бракёр, бракчи (*гьабураб къайиялъул, ярагьунеб тун, ярагьунареб нахъчIвалев, брак гьабулев чи*)

БРАКЕРА́Ж *м спец*. брак бугеб-гьечIеб лъазе къайидул (къайиялъул) хал гьаби

БРАКО́ВАННЫЙ, -ая, -ое брак гьабураб; ~ **това́р** брак гьабураб къайи (нахъе чIвараб къайи)

БРАКОВА́ТЬ *несов. кого-что* 1) брак гьабизе *(гъая, жагъаллъи букIиналдалъун);* ~ **това́р** къайи брак гьабизе 2) квешаблъун рикIкIине, нахъчIвазе

БРАКО́ВЩИК *м см*. **бракёр**

БРАКО́ВЩИЦА *ж* браковщица (*гьабураб къайиялъул хал гьабун, ярагьунеб тун, ярагьунареб брак гьабулей гIадан*)

БРАКОДЕ́Л *м* брак биччалев чи (*хIалтIулеб бакIалда брак гIемер биччалев чи*)

БРАКОНЬЕ́Р *м* браконьер (*браконьерлъи хIалтIизабулев чи*)

БРАКОНЬЕ́РСТВО *с* браконьерлъи (*гьукъараб бакIалда, заманалда бегьулареб къагIидаялъ чан гьаби яги ччугIа кквей; гьединго, ихтияр гьечIого, рохь къотIи*), браконьерасул пиша

БРАКОРАЗВО́ДН//ЫЙ, -ая, -ое ригьин хвезабиялъулаб (биххизабиялъулаб), ригьин хвезабиялда (биххизабиялда) хурхараб; **~ое де́ло** ригьин хвезабиялъулаб (биххизабиялъулаб) дело

БРАКОСОЧЕТА́НИЕ *с* ригьин гьаби, магьари лъей

БРАМИ□Н *м* брагьман (*Индиялда брагьманизм диналъул тIадегIанаб даражаялъул рухIанияв, кагьин, кашиш*)

БРАНДАХЛЫ́ СТ *м прост*. 1) лъимча (*лъамияб чурпа*); лъим жубараб пиво, чагъир 2) *перен*. чIобогояв чи, магъакь, щивго гурев чи

БРАНИ□ТЬ *несов. кого-что лъидениги* семизе, рогьрал разе

БРАНИ□ТЬСЯ *несов*. 1) цоцаде хьандезе, семизе, рогьрагъине 2) хъачIал (хъубал) рагIабаздалъун хьандезе

БРА́НН//ЫЙ, -ая, -ое хьамиялъул(аб), семиялъул(аб), рогьодул(аб), хъачIаб, хъубаб; **~ые слова́** хъубал рагIаби

БРАНЬ[1] *ж* (*ругательство*) хъубал рагIаби

БРАН//Ь[2] *ж* рагъ, кьал; **на по́ле ~и** рагъул майданалда

БРАСЛЕ́Т *м*, **брасле́тка** *ж* курхьин

БРАСС *м спорт*. брасс (*лъедаса къватIире квералъ ракки-чIого гьабулеб спорталъулаб лъедей, лъим ххай*)

БРАТ *м* вац; **ста́рший** ~ кIудияв вац; **мла́дший** ~ гьитIинав вац ◊ **на ~а** (*на каждого*) щивасе, чи рикIкIун; **ваш** ~ нуж (мун) ва нужеда (дуда) релъгьарал; **наш** ~ ниж (дун) ва нижеда (дида) релъгьарал; **свой** ~ гIагарав чи, жидерго чи

БРАТА́Н *м прост. см*. **брат**[1]

БРАТА́НИЕ *с* вацлъи гьаби (лъугьин, лъазаби), вацаллъун лъугьин; ~ **солда́т** солдатал, рагъги рехун тун, вацаллъун лъугьин (вацал гIадин рукIин)

БРАТА́ТЬСЯ *несов*. вацлъи рагIизабизе, гьабизе (лъугьине, лъазабизе), вацаллъун лъугьине

БРАТВА́ *собир. ж прост*. гьалмагъзаби, гьудулзаби

БРА́ТЕЦ *м ласк. от* **брат**

БРАТИ́ НА *ж* братина (*цебе заманалда чагъир гьекъезе хIалтIизабулеб букIараб цIулал гел, гIорто*)

БРАТИ́ ШКА *м разг*. 1) (*маленький брат*) гьитIинав вац 2) (*обращение*) вац

БРАТОУБИ́ ЙСТВЕНН//ЫЙ, -ая, -ое вацас вац чIвалеб; **~ая война́** вацас вац чIвалеб рагъ

БРАТОУБИ́ ЙСТВО *с* вацас вац чIвай

БРА́ТСК//ИЙ, -ая, -ое вацасул(аб), вацазул(аб); **~ая любо́вь** вацасул(аб), вацазул(аб) рокьи 2) гьудуллъиялъулаб, цIакъ ракI жубараб (хIал рекъараб) ◊ **~ая моги́ла** вацазулаб хоб (*рагъулъ яги цоги балагьалдалъун цадахъ хварал чагIи рукъараб гIаммаб хоб*)

БРА́ТСТВО *с* вацлъи́; **~ наро́дов** халкъазул вацлъи́

БРАТЬ *несов.* 1) *что* босизе; **~ кни́гу со стола́** столалдаса тIехь босизе 2) *кого-что* босун ине, цадахъ босизе (бачине); **~ с собо́й дете́й** лъимал цадахъ рачине 3) *что* къабул гьабизе, тIаде босизе; **~ обяза́тельство** тIаде босизе (къотIи), къотIи къабул гьабизе; **~ де́ньги в долг** къарзалъ гIарац босизе, гIарцул налъи гьабизе 4) кIкIвазе, къотIизе, борлъизе; **бритва хорошо берет** даллакнусалъ лъикI кIкIвала; **пу́ля броню́ не берёт** гуллица броня борлъуларо 5) бахъизе; **~ штраф** гIакIа бахъизе 6) щвезе, бахъине; **ружьё так далеко́ не берёт** туманкI гьедин рикIкIаде бахъунаро 7) цо рахъалдехун ине; **~ вле́во** квегIаб рахъалдехун ине ◊ **~ нача́ло** байбихьизе; **~ приме́р** мисал босизе; **в рот не ~** кIалдибе босунгутIизе (кванангутIизе, гьекъонгутIизе); **меня́ берёт сомне́ние** дир ишкаллъи (щаклъи) бачIунеб буго, дун щаклъулев вуго; **он берёт хи́тростью** дов сихIруялъ бергьуна, дос сихIирлъиялъ босула; **на́ша берёт** нилъ бергьунел руго; нилъераб бергьунеб буго

БРА́ТЬСЯ *несов.* 1) *за кого-что* (*хвататься*) кквезе; **~ за́ руки** цоцазул кверал кквезе 2) *за что (приниматься)* тIаде босизе; **~ за де́ло** иш тIаде босизе 3) за что (*начинать что-л. делать*) тIаделъизе; **~ за руль** машина бачине тIаделъизе; **~ за ору́жие** ярагъ кодобе босизе (рагъизе) 4) *с неопр.*: **я не беру́сь спо́рить с ним** дун довгун дагIбадизехъин гьечIо 5) (*появляться*) бачIине, баккизе, бижизе, щвезе; **отку́да беру́тся де́ньги?** кисан гIарац щолеб? гIарац киб букIунеб? ◊ **~ за ум** рекIеда ратизе, цIодор-лъизе

БРА́УНИНГ *м* браунинг (*тунчузул цо тайпа*)

БРА́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое ригьнадул(аб), ригьин гьабиялъул; **~ое свиде́тельство** ригьнадул свидетельство, ригьин гьабиялъул свидетельство

БРЕВЕ́НЧАТЫЙ, -ая, -ое рахазул (чIалабазул) гьабураб

БРЕВНО́ *с* 1) рахи, чIалу 2) *перен. разг. бран.* чIалумахIав чи, хIехьмахIав чи, хIехь 3) *спорт.* бревно, чIалу

БРЕД *м* 1) риччалъ кIалъай, лъавуда гьечIеб кIалъай (*унтарасул*) 2) *перен.* магIна гьечIеб жо, бухьен гьечIеб калам

БРЕ́ДЕНЬ *м* бредень (*гъваридаб гьечIеб бакIалда, кIигояс хадуб цIан, ччугIа кколеб гьитIинаб гьин*)

БРЕ́ДИ//ТЬ *несов.* 1) риччалъ гаргадизе, лъавуда гьечIого, гаргадизе; **больно́й ~т** унтарав риччалъ гаргадулев вуго; **ребёнок ~т во сне** лъимер макьилъ гаргадулеб буго 2) *кем-чем перен. разг.* цохIого жо бицине, цохIого жоялъул ургъел (пикру) гьабизе; **он ~т му́зыкой** дов цохIо музыкаялъул бицунев (музыкаялъул пикруялда) вукIуна

БРЕ́ДНИ *мн. разг. пренебр.* ахIмакъал пикраби, гIорхъолъа рорчIарал хиялал, цере тIамулел жал

БРЕДО́В//ЫЙ, -ая, -ое, **бредово́й** -а́я, -о́е *разг.* гIадалаб, лъавуда гьечIого, бицунеб, бухьен гьечIеб; **~ые иде́и** гIадалал идеяби (пикраби)

БРЕДУ́, БРЕДЁШЬ *и т.д. наст. от* **брести́**

БРЕ́ЖУ, БРЕ́ДИШЬ *и т.д. наст. от* **бре́дить**

БРЕ́ЗГА//ТЬ *несов. кем-чем* ракI къазе, ракI гъанцIизе, гьегIизе; ◊ **он ниче́м не ~ет** *перен.* досул сундаго ракI къаларо (сундасаго ракI гъанцIуларо); дов щиб гьабизеги нахъе къаларо (намуслъуларо)

БРЕЗГЛИ́ВОСТЬ *ж* ракIкъай, ракIгъанцIи

БРЕЗГЛИ□ВЫЙ, -ая, -ое 1) сундасаго ракI гъанцIулев, жиндир ракI къалев; **~ челове́к** хехго ракI къалев чи, сундасаго ракI гъанцIулев чи

БРЕ́ЗГОВАТЬ *разг. см.* **бре́згать**

БРЕЗЕ́НТ *м* брезент (*хъачIаб, гъорлъан лъим баккулареб хIебтил ххам*)

БРЕЗЕ́НТОВ//ЫЙ, -ая, -ое брезенталъул(аб); **~ая пала́тка** брезенталъул чадир

БРЕ́ЗЖИ//ТЬ *несов.* 1) хъахIлъи базе, рогьел (гвангъи, хъахIлъи) лъазе; **рассве́т чуть ~т** дагьабго хъахIлъи лъалеб (рехулеб) буго 2) *безл.* (*светать*) рогьине; **чуть ~ло** рогьине байбихьун букIана

БРЕ́ЗЖИТЬСЯ *несов. см.* **бре́зжить**

БРЕЛО́К *м* брелок, пара, пул (*сагIтил, курхьеналъул, кIулазул ва ц. рахсида берцинлъиялъе балеб жо*)

БРЕ́//МЯ *с* 1) бакIаб юк 2) *перен.* бакIлъи; **взять на себя́ непоси́льное ~мя** баччизе кIолареб юк (бажарулареб иш) тIаде босизе ◊ **разреши́ться от ~мени** лъимер гьабизе, къинлъизе

БРЕ́НН//ЫЙ, -ая, -ое *уст.* абадияб гуреб; холеб-унеб; панаяб; **~ый мир** панадуниял; жакъа таниги, метер таниги, толеб

БРЕНЧА́ТЬ *несов.* 1) *чем* зваргъезабизе (гIисинккараб гьаракь бахъинабизе); **~ ключа́ми** кIулал зваргъезаризе 2) *на чем разг.* (*неумело играть*) хъентIезабизе (*махщел гьечIеб къагIидаялда музыкаялъул алаталда*); **~ на гита́ре** гитара хъентIезабизе

БРЕСТИ́ *несов.* хIалицаго гIадин (*хIатIал хадур рехъерхъун*) вилълъанхъизе; бигьа гьавун вилълъине

БРЕТЕ́ЛЬКА *ж* бретелька (*руччабазул гъоркьангордил, юбкаялъул ва ц. гъажалдасан тIамураб чIоло*)

БРЕТЁР *м уст.* дуэльчи (*щиб кканиги, гьитIинаб жо сабаблъунги танчие вахъине хIадурав чи; дагIбадулав*)

БРЕХА́ТЬ *несов. прост.* 1) (*лаять*) хIапдезе 2) гьереси (гьадингояб, ахIмакъаб жо) бицине

БРЕХНЯ́ *ж прост.* гьереси, ахIмакъаб хабар, жо гуреб рагIи

БРЕХУ́Н *м прост.* гьерсихъан, пударухъан

БРЕШЬ *ж* 1) каратI (*къед, гамил хьибил ва ц. борлъун лъугьараб карат1)*; **~ от снаря́да** гIарадаялъул гуллил каратI; **проби́ть ~** *в чем-л. сунданиги* каратI бахъизе 2) *перен.* (*недостача, ущерб*) зарар, ками; **~ в бюдже́те** бюджеталъе ками (зарар), бюджеталъул гIунгутIи

БРЕ́Ю(СЬ), БРЕ́ЕШЬ(СЯ) *и т. д. наст. от* **бри́ть(ся)**

БРЕ́ЮЩИЙ, -ая, -ее: **~ полёт** *ав.* гIодобегIанисан боржун ин (*самолёт*), гIодобегIанисеб роржен

БРИГ *м* бриг (*кIиго мачтаялъулаб гама*)

БРИГА́ДА *ж* 1) (*производственная группа*) бригада; **тра́кторная ~** тракторазулаб бригада 2) *воен.* бригада; **та́нковая ~** танкабазулаб бригада 3) *ж.-д.* бригада (*поездалъе хъулухъ гьабулел чагIазул*); **конду́кторская ~** кондукторазул бригада

БРИГАДИ́Р *м* бригадир; **колхо́зный ~** колхозалъул бригадир

БРИГА́ДНЫЙ, -ая, -ое бригадаялъул(аб)

БРИГАНТИ□НА *ж* бригантина (*кIиго мачтаялъулаб парусалъулаб тIадагьаб гама*)

БРИ□ДЖИ *мн.* бриджи (*гIагалги чакмабазда жанире тIамулеб, накабалъаги къваридаб тIажу*)

БРИЗ *м* тIадагьаб, гIодобе биччараб гьури (*къад ралъдадасан ракъдаллъиялде, къаси ракъдаллъиялдасан ралъдаде пулеб*), цебесеб гьури

БРИЗА́НТНЫЙ, -ая, -ое *спец.* кьвагьулеб, бихъулеб (*гьаваялда кьвагьун, бихъун, кесказ чIвалеб*); **~ снаря́д** гьаваялда кьва-гьулеб (бихъулеб) гIарададул гулла

БРИКЕ́Т *м* брикет (*кинаб бугониги материалалдасан прессалъ гьабураб къоно*)

БРИКЕТИ́РОВАТЬ *сов. и несов. что сундулниги* брикетал гьаризе

БРИЛЛИА́НТ *м* бриллиант (*хасаб куцалда цIвакизабураб ва бокIнал лъугьараб алмаз*)

БРИЛЛИА́НТОВ//ЫЙ, -ая, -ое бриллианталъулаб, бриллиант бугеб, бриллианталъул нагIли бугеб; **~ое кольцо́** бриллианталъул нагIли бугеб, бриллиант лъураб баргъич

БРИЛЬЯ́НТ *м см.* **бриллиа́нт**

БРИЛЬЯ́НТОВЫЙ, -ая, -ое *см.* **бриллиа́нтовый**

БРИ́ТВА *ж* мегеж (бетIер) кIкIвалеб нус; даллакнус; **безопа́сная ~** алмасал (лезвиял) лъолеб нус

БРИ́ТВЕННЫЙ, -ая, -ое мегеж (бетIер) кIкIваялъе бугеб, хIалтIизабулеб; **~ прибо́р** мегеж (бетIер) кIкIваялъе къваригIунеб тIагIел

БРИ́Т//ЫЙ, -ая, -ое кIкIвараб; михъ-мегеж кIкIварав; **~ая голова́** кIкIвараб бетIер

БРИТЬ *несов. кого-что* кIкIвазе; **~ бо́роду** мегеж кIкIвазе

БРИТЬЁ *с* (*по гл.* **брить** *и* **бри́ться**) кIкIвай, кIкIвадари; **стри́жка и ~** къунцIи ва кIкIвай

БРИ́ТЬСЯ *несов.* мегеж (бетIер) кIкIвазе

БРИ́ФИНГ *м* брифинг *(пачалихъалъул яги цо кIвар бугеб идараялъул пикру загьир гьабулеб къокъаб данделъи, пресс-конференция)*

БРИ́ЧКА *ж* бричка (*тIадагьаб тIад бараб гьоко*)

БРО́ВКА ж 1) *см.* **бровь** 2) мицIир (*нухлул, тротуаралъул, каналалъул ва ц.*)

БРОВ//Ь *ж* къенсер; **~и дуго́й** кIамури гIадал, сверарал къунсрул ◊ **он и ~ью не повёл** дос санцин гьабичIо; **попа́сть не в ~ь, а (пря́мо) в глаз** лахI бакьулъ речIчIизе (цIакъ рекъараб рагIи абизе); къочIотIе гIебу гIадин ккезе

БРОД *м* рахен (*гIурул, хIорил тIадгояб, рахине бигьаяб бак1)* ◊ **не зна́я ~у, не су́йся в во́ду** рахен лъачIого, лъелъе лъугьунге

БРОДИ□ЛЬНЫЙ, -ая, -ое беччиялъул, беччиялъе хIалтIизабулеб; **~ процесс** беччи, беччизе байбихьи

БРОДИ□ТЬ[1] *несов.* женжедизе, хьвадизе, вилълъанхъизе (*рахъ-рахъалде*); **~ по́ лесу** рохьов хьвадизе

БРОДИ□ТЬ[2] *несов.* (*подвергаться брожению*) беччизе; **вино́ броди́ т** чагъир (жа) беччулеб буго

БРОДЯ́ ГА *м и ж* саяхъ, гьел-гьел, къватIалмерхь, къватIул тула (синква)

БРОДЯ□ЖНИЧАТЬ *несов.* женжедизе, рахъ-рахъалде хьвадизе

БРОДЯ□Ч//ИЙ, -ая, -ее хьвадулеб, гочарулеб, цо бакIалда чIолареб; **~не музыка́нты** хьвадулел (гочарулел) музыкантал; **~ая жизнь** гочарулеб гIумру

БРОЖЕ́НИЕ *с* 1) беччи; **~ вина́** чогърол (жадул) беччи 2) *перен.* разилъи гьечIолъи; **~ среди́ рабо́чих** хIалтIухъабазда гьоркьоб разилъи гьечIолъиялъул багъа-бачари

БРОЖУ́ , БРО́ДИШЬ *и т.д. наст. от* **броди́ ть**

БРО́КЕР *м* бича-хисиялъулъ гьоркьохъанлъи гьабулев чи (идара)

БРОМ *м* бром (*хим. элемент*)

БРОНЕБО́ЙНЫЙ, -ая, -ое броня борлъулеб; **~ снаря́ д** броня борлъулеб гIарададул гулла

БРОНЕВИ□К *м* броневик (*броня тIад ккураб рагъулаб автомобиль*)

БРОНЕВ//О́Й, -а́я, -о́е 1) броня тIад ккураб; **~о́й автомоби́ ль** броня тIад ккураб автомобиль 2) бронялъе бугеб (кьваригIунеб, хIалтIизабулеб); **~ые пли́ ты** бронялъе хIалтIизарулел къанал

БРОНЕМАШИ□НА *ж* бронемашина (*броня́ тIад ккураб рагъулаб машина*)

БРОНЕНО́СЕЦ *м* броненосец (*броня́ тIад ккураб рагъулаб гама*)

БРОНЕНО́СНЫЙ, -ая, -ое броня́ тIад ккураб; **~ кре́йсер** броня́ тIад ккураб крейсер

БРОНЕПО́ЕЗД *м* бронепоезд (*броня́ тIад ккураб рагъулаб поезд*)

БРОНЕТА́НКОВ//ЫЙ, -ая, -ое бронетанказулаб (*аскаразул хIакъалъулъ: танкал, бронемашинаби ва жалго хьвадулел гIарадаби ругел*); **~ые ча́сти** бронетанказулал частал

БРОНЕТРАНСПОРТЁР *м* бронетранспортер (*рагъухъабиги ярагъги баччизе хIалтIизабулеб броня́ тIад ккураб машина*)

БРО́НЗА *ж* 1) мазгар, рез (*пахьулги гъалайдулги сплав*) 2) *собир.* (*изделия*) мазгарул (резил) гьарурал жал, тIагIелал

БРОНЗИРОВА́ТЬ *сов. и несов.* тIаде мазгар биччазе, мазгарул хъал гьабизе

БРО́НЗОВЫЙ, -ая, -ое мазгарул(аб); **~ бюст** мазгарул бюст; **~ век** *археол.* мазгарул век (*материалияб культураялъул историялда мазгарул къайи гьабулеб букIараб заман*)

БРОНИ□РОВАНН//ЫЙ[1]**,** -ая, -ое бро́ня бугеб, цIунараб, хасаб мурадалъе батIа гьабураб; **~ые места́** бро́ня бугел (хасаб мурадалъе цIунарал) бакIал

БРОНИРО́ВАННЫЙ[2]**,** -ая, -ое тIад броня́ ккураб, чармил къолден тIад ккураб

БРОНИ□РОВАТЬ *сов. и несов. кого-что* (*закреплять за кем-чем-л.*) *лъиданиги хадуб* щула гьабизе; батIа гьабун, цIунизе (*хасаб мурадалда*)

БРОНИРОВА́ТЬ *сов. и несов. что* (*покрывать броней*) броня́ тIад кквезе

БРО́НХИ *мн.* (*ед.* **бронх** *м*) *анат.* гьуърузул мащаби (*мукъулукъ гьуърузда бухьинабулел хIухьел цIалел мащаби*)

БРО́НЯ *ж* (*на место и т.п.*) броня, цIуни (*хасаб мурадалда батIа гьабун*); бронялъе бугеб документ

БРОНЯ́ *ж* 1) *ист.* къолден 2) *воен.* броня (*гуллица рорлъунгутIизе рагъулал автомобилазда, гумузда ва ц. ккураб хасаб чаран*)

БРОСА́ТЬ *несов.* 1) *см.* **бро́сить** 2) речIчIизе; **~ снежка́ми в окно́** горда гIазул гарал речIчIизе 3) *безл.* (*сильно качать*) хьвагIезабизе; **маши́ ну броса́ло из стороны́ в сто́рону** машина рахъ-рахъалде хьвагIезабулеб букIана 4) *что* (*свет, лучи, тень, взгляд*) рехизе, базе, тIамизе, ккезабизе ◊ **~ де́ньги на ве́тер** гIарац пуч гьабизе (гьородахъ биччазе); **~ свет** *на что-л.* канлъи базабизе (*сунденги*), гвангъизабизе (*щибниги жо*), баян гьабизе; **~ слова́ на ве́тер** рагIи хвезабизе, кьураб рагIи тIубангутIизе (ккунгу-тIизе); **~ тень** *на кого-л. лъиданиги* бугьтан лъезе; **меня́ броса́ет то в жар, то в хо́лод** дун цин вагIаризавула, цин цIорозавула (цин рахIат хун лъугьуна, цин гIодове вуссуна)

БРОСА́ТЬСЯ *несов.* 1) *см.* **бро́ситься** 2) *чем* (*друг в друга*) рехдезе (*цоцаде*); **~ камня́ ми** цоцаде ганчIал рехизе ◊ **~ слова́ми** рагIаби кьвагьун риччазе, ургъичIого рагIаби рехизе; **~ деньга́ми** гIарац пуч гьабизе, цIуна-къай гьечIого, гIарац хвезабизе

БРО́СИТЬ *сов.* 1) *кого-что, чем* рехизе; **~ мяч** торгIо рехизе; **~ оку́рок** бухIунхутI гIодобе рехизе 2) *кого-что* (*быстро направить*) битIизе; **~ в бой** рагъде битIизе 3) *что и с неопр.* (*перестать, прекратить*) рехун тезе, жибго тезе; **~ кури́ ть** хъалиян цIай тезе; **~ бе́глый взгляд** хехаб бер речIчIизабизе; **~ обвине́ние** *кому-л. лъиданиги* гIайиб гIунтIизабизе; **~ я́корь** лангар рехизе

БРО́СИТЬСЯ *сов.* 1) *куда и с неопр.* тIаде бортизе (кIан-цIизе), тIад речIчIизе (хурхине); **~ на врага́** тушманасда тIаде кIанцIизе; **~ в объя́тия** къвалакье кIанцIизе; **~ на ше́ю** горбода хурхине; **~ бежа́ть** лъутизе (тIуризе) лъугьине 2) (*прыгнуть с высоты*) гъоркье кIанцIизе, гъоркье кIанцIун, хвезе; **~ с моста́** кьодаса гъоркье кIанцIизе ◊ **~ в глаза́** (*стать заметным*) бадибе рехизе, хехго бихьизе; **кровь бро́силась ему́ в лицо́ (в го́лову)** дов багIарлъун вачIана (вахъана)

БРО́СКИЙ, -ая, -ое цебе рехараб, гвангъараб, хехго бер тIаде кколеб; бихьулеб; **~ цвет** цебе рехараб, хехго бихьулеб кьер

БРО́СОВЫЙ, -ая, -ое *разг.* пайда (качество, къимат) гьечIеб, ярагъунареб; **~ това́р** пайда гьечIеб (ярагъунареб) къайи

БРОСО́К *м* 1. (*по гл.* **бро́сить**) рехи 2. (*быстрое передвижение*) хехаб рилъльин (ин), рорти (*къокъаб манзилалда*); **после́дний ~** ахирисеб рорти, туркIи́ (*нухлул ахираб бутIаялда*)

БРО́ШКА *ж* брошка (*руччабаз берцинлъиялъе ратIлил габуралда, каранда чIвалеб бекI гIадаб, тIегь гIадаб жо*), каранда чIвалеб жо

БРО́ШУ(СЬ), БРО́СИШЬ(СЯ) *и т. д. буд. от* **бро́сить(ся)**

БРОШЮ□РА *ж* брошюра, гьитIинаб тIехь (*мужалаталги гьечIеб*)

БРОШЮРОВА́ТЬ *несов. что полигр.* тIехьалъул, брошюраялъул, журналалъул тIанчал, бутIаби рукъизе, седезе

БРОШЮРО́ВКА *ж* (*по гл.* **брошюрова́ть**) брошюровка, тIанчал, бутIаби рукъи, седей

БРОШЮРО́ВЩИК *м* брошюровщик, брошюровка гьабулев чи

БРОШЮРО́ВЩИЦА *ж* брошюровщица, брошюровка гьабулей гIадан

БРУС *м* 1) гIер, квен, рахи (*гургинаб яги ункъбокIонаб*) 2) *мн.* **~ья** *спорт.* брусал, гIурдул; **паралле́льные ~ья** параллелиял брусал (гIурдул)

БРУСКО́В//ЫЙ, -ая, -ое ункъбокIонаб (ва халатккараб); **~ое мы́ ло** ункъбокIонаб сапун

БРУСНИ□КА *ж* (*кустарник, ягода*) сигри, кIогIоро

БРУСНИ□ЧНЫЙ, -ая, -ое сигридул, (сигриялъул), кIогIородул (кIогIороялъул)

БРУС//О́К *м* 1) бахкен; **точи́ ть нож на ~ке́** бахкада нус лъухьизе 2) ункъбокIонаб халатккараб формаялъул предмет; **~ мы́ ла** ункъбокIонаб халатккараб формаялъул сапун

БРУ́ СТВЕР *м воен.* бруствер (*окопалда цебе гьабураб ракъул щоб, щомели*)

БРУСЧА́ТКА *ж* **1.** *къватIазда кквезе хIадур гьабураб* ункъбокIонаб гамачI **2.** гамачI ккураб къватI

БРУСЧА́Т//ЫЙ, -ая, -ое ункъбокIонаб формаялъул предметаздасан гьабураб; **~ая у́лица** ункъбокIонаб гамачI ккураб къватI

БРУ□ТТО *неизм. прил. и нареч.* (*тараги малъун, бугеб*); **вес ~** гIамаб цIайи (бакIлъи)

БРЫ□ЗГАЛКА *ж разг.* пунхъеро (*лъамалъи пунхъулеб жо*)

БРЫ□З//ГАТЬ *несов.* 1) тIирагъине; речIчIаризе; щенезе, чIинкьизе; **~жет ме́лкий дождь** гIисинаб цIад щенолеб буго; **фонта́н ~жет** фонтан тIирагъунеб (речIчIарулеб) буго; **вода́ ~гала из кра́на** краналъусан лъим тIирагъунеб букIана 2) *на кого-что и что* (*опрыскивать*) пунхъизе, щвазе, речIчIизабизе; **~гать водо́й** *на кого-л. лъиденги* тIаде лъим пунхъизе (речIчIизабизе) ◊ **~гать слюно́й** гъанчезе, цIидахун ахIезе

БРЫ´ ЗГАТЬСЯ *несов.* тIирагъине, цоцазде тIираби щвезаризе, чIенкьезе, ччелтIезе

БРЫ□ЗГИ *мн.* тIираби (*ччилтIун, чIинкьун, пунхъун рачIарал*)

БРЫЗГОВИ́К *м* брызговик *(хIарщ нахъехун кьабичIого букIине машинаялъул гьокоялда нахъа балеб жо)*

БРЫ□ЗНУ//ТЬ *сов.* 1) *однокр. к* **бры́ згать** 2) (*внезапно политься*) цойидасанго чвахизе (тIинкIизе, кIанцIизе, базе); **слёзы ~ли у неё из глаз** долъул бадиса магIу чвахана (тIинкIана, кIанцIана); **кровь ~ла из ра́ны** ругъналъан би чвахана (кIанцIана)

БРЫКА́ТЬ *несов. кого-что* мал базе (хьвагIизе, чIвазе, кьабизе)

БРЫКА́ТЬСЯ *несов.* 1) *см.* **брыка́ть** 2) *перен. разг.* данде чIезе; цоцада малал разе

БРЫКНУ□ТЬ(СЯ) *однокр. к* **брыка́ть(ся)**

БРЫ□НЗА *ж* гIиял хIан

БРЫСЬ *межд.* чит! (*кето́ нахъе гьезе гьабулеб гьаракь*)

БРЮЗГА́ *м, ж разг.* бурбудиро, гъулгъудиро (*бурбудулев, гъулгъудулев, миз-миздулев чи*)

БРЮЗГЛИ□ВЫЙ, -ая, -ое *кидаго* гъулгъудулев, бурбудулев, рази гьечIого вукIунев

БРЮЗЖА́ТЬ *несов.* бурбудизе, гъулгъудизе, рази гьечIого вукIине

БРЮ□КВА *ж* боцIул чIакIултIан

БРЮ□КИ *мн.* тIажу (тIасантIажу)

БРЮНЕ́Т *м* расчIегIер (рас чIегIерав чи)

БРЮНЕ́ТКА *ж* расчIегIер, рас чIегIерай гIадан (яс)

БРЮ□ХО *с* 1) чехь (*хIайванальул*); **~ аку́лы** акулаялъул чехь 2) *прост.* чехь (*гIадамасул*); **отрасти́ л ~** чехь биччан буго

БРЮШИ□Н//А *ж анат.* чохьол (*жанисеб*) хъал; **воспале́ние ~ы** чохьол хъал унти, гьорой

БРЮШКО́ *с* 1) *разг.* чехь (*чиясул бицалъун, кIодолъун бачIараб чехь*); **мужчи́ на с ~о́м** бицатаб кIудияб чехь бугев чи 2) *гIисинаб хIутIхъумуралъул* чорхол нахъисеб бутIа, чехь; **~ ба́бочки** кIалкIучIалъул чехь

БРЮШН//О́Й, -а́я, -о́е чехьалъул(аб), чохьол; ◊ **~о́й тиф** цIа-каналъул унти

БРЮШНОТИФО́ЗНЫЙ, -ая, -ое цIа-каналъул унтиялъул

БРЯ́КАТЬ *несов. чем* 1) дванкезе, дваргъезе, чвархъезе; **~ло́жками** гъудал чвархъезаризе 2) *что прост.* (*необдуманно говорить*) кколарел рагIаби абизе (рицине, рехизе, кьвагъун ри-ччазе)

БРЯ□КАТЬСЯ *несов. разг.* чвархъиялда, (дванкиялда, гъванкиялда) бортизе, бортун ун, *сунданиги* тункизе

БРЯ□КНУТЬ 1) *однокр. к* **бря́ кать**

БРЯЦА́НИЕ *с* (*по гл.* **бряца́ть**) зваргъи, звархи

БРЯЦА́ТЬ *несов.* зваргъезе, зваргъезабизе, звархезе, звархезабизе, зваргъи (звархи) бахъинабизе ◊ **~ ору́жием** ярагъ чвархъезабизе (*рагъудалъун хIинкъи кьезе*)

БУ´ БЕН *м* жергъен

БУБЕНЦЫ□ *мн.* гIисинал гургинал цIурмал (*зваргъезе жанир маххул кескалги ругел*)

БУ□БЛИК *м* гор (*ролъул ханждал бежараб*), бублик

БУБНИ□ТЬ *несов. разг.* гунгудизе (*цого гьаракьалъ хехго ва бичIчIуларедухъ кIалъазе*); **~ себе́ под нос** бичIчIуларедухъ гунгудун кIалъазе

БУБНО́ВЫЙ, -ая, -ое “кирпичазул” (*хIалел кагътазул*); **~ туз** туз кирпич

БУ□Б//НЫ *мн.* (*ед.* **~на** *ж*) *карт.* “кирпичал”

БУГА́Й *м* бугъа

БУГО́Р *м* гьитIинаб гохI, гохIккел, цIутIел

БУГОРЧА́ТКА *ж уст.* туберкулез, чехотка

БУГРИ□СТЫЙ, -ая, -ое гохIахараб, гохIал ругеб, гохIазул цIураб, гохIал гIемераб

БУДДИ□ЗМ *м рел.* буддизм (*Китаялда, Япониялда, Индокитаялда мIибитIараб дин*)

БУДДИ´ ЙСКИЙ, -ая, -ое буддизмалъул(аб), буддизмалда хурхараб, буддистазул(аб)

БУДДИ´ СТ *м* буддист, буддизмалъул рахъ кколев, буддизмалъулаб дин гьабулев чи

БУДИ□ЛЬНИК *м* будильник (*бихьизабураб заманалда цIумур кьабулеб, рорчIизарулеб сагIат*); **завести́** ~ будильник кьуризе

БУДЁНОВЕЦ *м* буденовец (*граждан рагъул заманалда Буденыяс нухмалъи гьабулеб букIараб I-себ рекIаразулаб армиялда вукIарав рагъухъан*)

БУДЁНОВКА *ж* буденовка (*мIоцебе буденовцаз тIад лъолеб букIараб исхъалидул тIасаги бегIераб шлем-тIагъур*)

БУДИ□ТЬ *несов.* 1) *кого-что* ворчIизавизе (*макьидаса*) 2) *что перен.* Вигьинавизе, кантIизавизе

БУ´ ДКА *ж* будка (*хъаравуласе ва ц. бараб гьитIинабго цIулал рукъ*); **проходна́я ~** жанисан хьвадулеб будка; **телефо́нная ~** телефоналъул будка

БУ́ДНИ *мн.* 1) хIалтIулеб (гIадатияб, байрам гуреб) къо 2) *перен.* (*однообразная жизнь*) щибаб къойилаб гIадатияб гIумру

БУ´ ДНИЙ: ~ день гIадатияб (байрам гуреб) къо

БУ´ ДНИЧНЫЙ, -ая, -ое, **бу́днишный,** -ая, -ое 1) кидаго гIадаб, гIадатаб, гьарудулеб, хIалтIулаб (байрамалъул *гуреб*); **~ день** гIадатаб (байрам гуреб) къо 2) *перен.* (*безрадостный*) рохел гьечIеб

БУДОРА́ЖИТЬ *несов. кого-что разг.* рахIат хвезабизе, бихха-хочизабизе, багъа-бачаризабизе

БУ́ДТО 1. *союз* 1) (*слово*) гIадин, кинигин; **мне послы́ шалось, ~ кто-то меня́ зовёт** дун лъицаялиго ахIулев гIадин рагIана дида 2) (*что*) -илан; **уверя́ ет, ~ сам ви́ дел** жиндаго бихьанилан божизарулел руго 2. *частица* 1) (*кажется*) -ин (илан) ккола; **он ~ бы уе́хал** дов анилан ккола 2) *вопр.* (*разве*) -ищха; **уж ~ ты так спеши́ шь домо́й?** гьедигIан рокъове гIедегIунищха мун вугев?

БУ´ ДУ, БУ□ДЕШЬ *и т.д. буд. от* **быть**

БУ□ДУЩ//ИЙ, -ая, -ее 1. букIинесеб, бачIинесеб, бачIунеб; **на ~ей неде́ле** бачIунеб (бачIинесеб) анкьалъ; **в ~ем ме́сяце** бачIинесеб (бачIунеб) моцIалъ; **~ий год** бачIунеб (бачIинесеб) сон 2. *в знач. сущ.* **~ее** *с* букIинесеб, бачIинесеб; **счастли́ вое ~ее** талихIаб букIинесеб ◊ **~ее вре́мя** *грам.* бачIунеб заман

БУ´ ДУЩНОСТЬ *ж* 1) *сундулниги, лъилниги* букIинесеб хIал, къисмат; **~ промы́шленности** промышленностальул букIинесеб хIал 2) букIинесеб бергьенлъи, кьадру-цIар, къо-асс, машгъурлъи, даража, хъулухъалъулъ цеветIей, тIадегIанлъи; **блестя́щая ~** гьайбатаб, машгъураб букIинесеб

БУДЬ *повел. от* **быть**; **~ до́ма** рокъов вукIа; **~ , что бу́дет!** бокьараб бахъа**!** ◊ **~ то** букIа; **он всё чита́л, ~ то стихи́ , про́за или пье́са** дос кинабго цIалулаан, кучIдул рукIа, проза букIа яги пьеса букIа

БУЁК *м уменьш. от* **буй**

БУ´ ЕР *м* буер (*цIорода хъещтIезе гьабураб дугъ бугеб тIадагьаб раса*)

БУЕРАК *м* хъитI (*чурун лъугьараб)*

БУЕРИ´ СТ *м* буерист (*буер бачунев чи*)

БУЖЕНИ□НА *ж* буженина (*хасаб куцалда хIадур гьабураб белъараб болъонил гьан*)

БУЖУ´ , БУ□ДИШЬ, *и т.д. наст. от* **буди́ ть**

БУЗА́[1] *ж* чIагIа

БУЗА́[2] *ж прост.* гIадлу биххи, цоцахъ бай, низам гьечIолъи

БУЗИ□НА *ж* (*дерево, ягоды*) гIанцIили (*багIараб яги чIегIераб гIисинаб пихъ тIад бижулеб гъветI-хъарахъ ва гьелъул пихъ*)

БУЗИ´ ТЬ *несов. прост.* хъуй-хъай (дагIба-къец) багъаризабизе, гъалмагъир гьабизе

БУЗОТЁР *м разг.* гъалмагъирчи, бада-гъудурчи, хъуй-хъай гьабулев чи

БУЙ *м* буй (*тIадгояб, гамачI бугеб ва ц. хIинкъи бугеб бакI бихьизабизе, лъеда тIаде баккун лъураб сигналияб гIуж, поплавок*)

БУ□ЙВОЛ *м* гамущ (*оцаб*)

БУЙВОЛИ́ ЦА *ж* гамущ (*гIакаяб*)

БУ□ЙН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*порывистый, сильный*) гьалагаб, мех-мехалъ хIалуцунеб (речIчIун бачIунеб), кутакаб; **~ый ве́тер** кутакаб (гьалагаб) гьури 2) (*быстро растущий*) хIалигъараб, хIалигъун (хехго) бижулеб, гIел хехаб; **~ый рост** хIалигъараб бижи 3) (*необузданный*) чанкIкIараб, кквей гьечIеб, квелъ бачIеб, квегъичIеб, согIаб, мутIигIлъуляреб; **~ый нрав** чанкIкIараб (согIаб) хасият (гIамал, тIабигIат) ◊ **~ая голо́вушка** бичч-бакъ гьечIев, гIурхъулъа ворчIарав, сундулго ургъел гьечIев чи

БУ□ЙСТВО *с* гьалмагъир (хъуй, рагъ-кьал, питна) багъаризаби

БУ□ЙСТВОВАТЬ *несов*. гьалмагъир багъаризабизе

БУК *м* чинари

БУ́ К//А *м, ж разг*. 1) богIоло, хъамало (*лъимал хIинкъизаризе абулеб жо*) 2) *перен*. тIурузав, гIадамалъ ругъунлъуларев (гъорлъ жуваларев) чи ◊ **смотре́ть ~ой** тIунцго, кьунсрулги рукIкIинарун, богIоло гIадин, валагьизе

БУ□КАШКА *ж* хIутI, хIапара

БУ́ КВ//А *ж* хIарп; **прописна́я ~а** кIудияб (бетIералда хъвалеб) хIарп ◊ **~ в ~у** хIарп-хIарп ккун, ргIи-ргIи ккун

БУКВА́ЛЬНО *нареч*. 1) (*дословно*) хIарп хисичIого; **перевести́** ~ хIарп хисичIого, буссинабизе 2) (*на самом деле*) хIакъикъаталда; **он не име́ет ~ ни одно́й свобо́дной мину́ты** хIакъикъаталда досул цониги эркенаб минут гьечIо

БУКВА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*дословный*) хIарп хисичIеб; **~ый перево́д** хIарпияб (хIарп хисичIеб) таржама 2) (*точный, прямой*) дурусаб, битIараб; **в ~ом смы́ сле сло́ва** ргIул битIараб магIнаялда

БУКВА́РЬ *м* букварь

БУКВОЕ́Д *м щибниги жоялъул* тIасарахъ гурони бичIчIуларев, гьварилъуде ваккуларев, гIиси-бикъиналъул бицунев чи

БУКВОЕ́ДСТВО *с* загьираб рахъ дурусго цIунун, магIнавияб рахъалде кIвар кьунгутIи; гIиси-бикъиналъул бицин

БУКЕ́Т *м* 1) кваццIи 2) (*аромат и вкус чего-л.*) *сундулниги* берцинаб махI ва тIагIам

БУКИНИ□СТ *м* букинист (*басриял ва къанагIатал тIахьал ричулев чи*)

БУКИНИСТИ□ЧЕСКИЙ, -ая, -ое букинистияб; **~ магази́ н** букинистияб (басриял ва къанагIатал тIахьал ричулеб) тукен

БУ́ КЛ//И *мн*. (*ед*. **~я** *ж*) *уст*. кIургIараб расул даларал микI-сал

БУ□КОВЫЙ, -ая, -ое чинаридул; **~ лес** чинаридул рохь

БУ□КСА *ж ж.-д.* букса (*вагоналъул хIос жанибе кколеб, жинда жаниб нахги бугеб маххул гъутухъ*)

БУКСИ□Р *м* 1) (*судно*) буксир (*цоги гама хадуб цIалеб гама*) 2) (*канат*) квар (*гама хадуб цIазе балеб*); **тяну́ть на ~е** квар бан, хадуб цIазе ◊ **взять** *кого-л.* **на ~** хIалае лъугьине, кумек гьабизе

БУКСИ□РНЫЙ, -ая, -ое буксиралъулаб; **~ парахо́д** буксиралъулаб гама

БУКСИРОВА́ТЬ *несов. что* хадуб цIазе *(гама, машина)*

БУКСОВА́ТЬ *несов*. церехун инчIого, тIад ххенезе(бурдул)

БУЛАВА́ *ж* гIарчI, гIарчIтIил

БУЛА́ВКА *ж* горочIвад (*рорлъи гьечIеб рукIкIен*)

БУЛА́ВОЧН//ЫЙ, -ая, -ое горочIвадалъул; **~ый уко́л** горочIвадалъул хIунси; **величи но́й с ~ую голо́вку** горочIвадалъул бетIергIанасеб

БУЛА́Н//ЫЙ, -ая, -ое чIегIераб жал-рачIалъул тIогьилаб (*чу*)

БУЛА́Т *м уст*. 1) (*сталь*) чаран (*хвалчен гьабулеб, хасаб*) 2) *поэт*. (*меч*) чарамул хвалчен (кIалден)

БУЛА́ТНЫЙ, -ая, -ое чарамул; **~ кинжа́л** чарамул ханжар

БУ́ ЛКА *ж* булка; **сдо́бная ~** нахги жубан гьабураб гьуинаб булка

БУ□ЛОЧНАЯ *ж скл. как прил*. чадил (булкабазул) тукен

БУ□ЛОЧНИК *м уст*. чадил тукадул бетIергьан; булкаби гьарулев чи; булкаби ричулев чи

БУЛТЫ́ Х *в знач. сказ. разг*. чвалх; **он ~ в во́ду** дов чвалхан лъелъе кIанцIана (вортана)

БУЛТЫХНУ́ ТЬСЯ *однокр. к* **бултыха́ться; ~ в воде́** чвалхан лъелъе кIанцIизе (*цо нухалъ*)

БУЛЫ□ЖНИК *м* гIурулхоно (*нухазда, къватIазда кквезе хIалтIизабулеб*)

БУЛЫ́ ЖН//ЫЙ, -ая, -ое гIурулханал ккураб; **~ая мостова́я** гIурулханал ккураб (чIараб) нух

БУЛЬВА́Р *м* бульвар (*шагьаралъул къватIалъул бакьулъан гьабураб гIебаб аллея*)

БУЛЬВА́РНЫЙ, -ая, -ое бульваралъул(аб); ◊ **~ рома́н** къватIул роман (*къадараб, гIодобегIанаб магIна-хIасилалъул роман*)

БУЛЬВА́РЩИНА *ж презр*. бульварщина (*къадарал, гIодобегIанаб магIна-хIасилалъул асарал*)

БУЛЬДО́Г *м* бульдог (*кIудияб чIинтIараб хвенехалъул, гIебаб нилъуялъул, гIебаб кереналъул, къокъал рицатал рутIбузул гьой*)

БУЛЬДО́Ж//ИЙ, -ья, -ье бульдогалъулаб; **~ья хва́тка** бульдогалъ гIадин къахIан кквей

БУЛЬДО́ЗЕР *м* бульдозер

БУЛЬДОЗЕРИ□СТ *м* бульдозерист (*бульдозералъ хIалтIи гьабулев чи*), бульдозерчи

БУ□ЛЬКАНЬЕ *с* (*по гл*. **бу́лькать**) кIул-кIули (*мас., шишалъусан лъамалъи тIолелъул букIунеб*)

БУ□ЛЬКАТЬ *несов*. кIул-кIули бахъине

БУЛЬО́Н *м* гьагIу, гьан белъараб гьагIу; **кури́ный ~** гIанкIудал гьанал гьагIу

БУМ[1] *м разг*. (*шумиха*) хъуй-хъай, ургъунго лъугьинабураб багъа-бачари, ахIи-хIур

БУМ[2] *межд. звукоподр*. дум (*кIудияб цIурмил, гIарадаялъул ва ц. гьаракь*)

БУМ[3] *м спец.* бум, гимнастикаялъе чIалу

БУМА́Г//А[1] ж 1) кагъат; **пи́счая ~а** хъвалеб кагъат, хъвадаризе хIалтIизабулеб кагъат 2) *чаще мн*. **~и** (*документы*) кагътал, документал ◊ **це́нные ~и** къиматал, гIарцулал документал; **оста́ться на ~е** кагътида хутIизе (*хIукму*); **~а всё те́рпит** кагътица кинабго хIехьола, кагътида бокьараб хъвазе бегьула

БУМА́ГА[2] *ж уст*. (*нитки, ткань*) кваскъвас, кваскъвасул ххам; дургъараб кваскъвасул кун

БУМА́ЖКА *ж* 1) *уменьш. от* **бума́га**[1] 2) *разг*. (*деньги*) кагъатгIарац, кагътил гIарац; **~ в пять рубле́й** щуго гъурщил кагъат

БУМА́ЖНИК[1] *м* (*для денег*) бумажник (*кагъатгIарац лъолеб киса*), можникI, бухча

БУМА́ЖНИК[2] *м* кагъат гьабулеб фабрикалъул хIалтIухъан

БУМА́ЖН//ЫЙ[1]**,** -ая, -ое кагътил(аб); **~ые де́ньги** кагътил гIарац, кагъатгIарац; **~ые салфе́тки** кагътил квералрацIцI; **~ая фа́брика** кагътил фабрика, кагъат гьабулеб фабрика

БУМА́ЖН//ЫЙ[2]**,** -ая, -ое *разг*. пампадул, кваскъвасул, кваскъвасул ххамил гьабураб; **~ая ткань** кваскъвасул ххам

БУМАЗЕ́ЙН//ЫЙ, -ая, -ое измуралъул; **~ое пла́тье** измуралъул гурде

БУМАЗЕ́Я *ж* измур

БУМЕРА́НГ *м* бумеранг (*маххул яги цIулал гьетIараб рехулеб алат, махщалида рехани, рехарасухъего тIад буссун бачIунеб*)

БУ́ НКЕР *м* бункер (*жибго чIехьолеб, жанибе тIурччи, хIалухъен ва гь.ц. балеб кIудияб къали*); (*гамитIа*) тIурччи цIунулеб рукъ; (ракьулъ гьабураб) рахчулеб бакI

БУНКЕРОВА́ТЬ *несов*. бункералъубе базе

БУНТ[1] *м* бунт, багъа-бачари

БУНТ[2] *м* танг (*тIамIала лъун, сокIкIараб къайидул*)

БУНТА́РСКИЙ, -ая, -ое бунтарлъиялъул(аб), бунтарасул(аб), бунтчилъиялъул(аб)

БУНТА́РСТВО *с уст*. бунтарлъи, бунтчилъи, гъалмагъирчилъи

БУНТА́РЬ *м* бунтчи, бунтарь, гъалмагъирл багъаризабурав чи

БУНТОВА́ТЬ *несов*. 1) бунт гьабизе, бунталъулъ гIахьаллъизе 2) *кого-что* бунт гьабизабизе, бунталде гьусизе, гьесизаризе; **~ наро́д** халкъ бунталде гьесизабизе, гьусизе 3) *разг*. разилъунгутIизе, тIирун данде чIезе; **не могу́ ве́чером дежу́рить: жена́ бунту́ет** дида къаси хъаравуллъи гьабизе кIоларо: чIужу тIирун данде чIун йиго

БУНТОВЩИ́ К *м* бунталъулъ гIахьаллъулев чи

БУНТОВЩИ́ЦА *ж* бунталъулъ гIахьаллъулей гIадан

БУНЧУ́К *м* бунчук (*къокъаб гIералда чодул рачIги бухьун гьабураб казаказул (гетманазул, атаманазул) хIакимлъиялъул гIаламат*)

БУР *м тех*. бур, борлъарулеб машина

БУРА́ *ж* бура (*боралъул кислотаялъул натриялъулаб цIан*)

БУРА́ВИТЬ *несов. что* 1) рочохеналъ борлъизе 2) *перен*. (*смотреть пристально*) чIваркьун, бер тIаса босичIого, балагьизе

БУРА́К *м обл*. чIакIултIан (багIараб чIакIултIан)

БУРА́Н *м* буран, гIазугун гьури (пуй-чIвай)

БУРГОМИ□СТР *м* бургомистр (*Европаялъул цо-цо улкабазда ва цебесеб Россиялда шагьаралъул управлениялъул бетIер)*

БУРДА́ *ж разг*. лъимча, чури (*мIагIам гьечIеб хIабургъараб лъамалъи; квеш хIадурараб тIагIам гьечIеб квен*)

БУРДЮ□К *м* рахълъен, къвачIа; **~ с вино́м** чогърол (цIураб) рахълъен

БУРЕВЕ́СТНИК *м* (*птица*) буревестник, кьерхахъан

БУРЕЛО́М *м* бураналъ гъурараб, бегизабураб рохь, цIул

БУРЁНКА *ж разг*. гIака (*бурияб кьералъул, тIулакьераб*)

БУРЕ́НИЕ *с* (*по гл*. **бури́ ть**) борлъи; **~ нефтя́ ной сква́жины** нартил скважина борлъи (буругъалъе каратI бахъи)

БУРЕ́ТЬ *несов*. бурияб лъугьине

БУРЖУА́ *м* буржуа, буржуй (*буржуазияб классалъул чи*)

БУРЖУАЗИ□Я *ж* буржуазия; **кру́пная ~** чIахIияб буржуазия; **ме́лкая ~** гIисинаб буржуазия

БУРЖУА́ЗНО-ДЕМОКРАТИ□ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое буржуазиябгун демократияб; **~ая революцио́ ния** буржуазиябгун демократияб революция

БУРЖУА́ЗНЫЙ, -ая, -ое буржуазияб; **~ строй** буржуазияб гIуцIи

БУРЖУ́ Й *м разг. см*. **буржуа́**

БУРИ́ ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое борлъарулеб; **~ая маши́ на** борлъарулеб машина

БУРЖУ́ ЙКА[1] *ж разг*. маххул печь (*заманаялъ лъолеб*)

БУРИ□ЛЬЩИК *м* ворлъарухъан

БУРИ□ТЬ *несов. что* борлъизе; **~ нефтяну́ю сква́жину** нартил (нефталъул) скважина борлъизе (*нефть къватIибе кьабизе кIаратI бахъизе*)

БУ□РКА *ж* буртина (*ретIунеб*)

БУ□РКИ *мн*. (*род сапог*) буртинадул хьитал, буртинахьитал

БУ□РКАТЬ *несов. что прост*. бурбудизе, гунгудизе

БУ□РКНУТЬ *однокр. что и без доп*. бурбудун (гунгудун, бичIчIуларедухъ) ргIи абизе

БУРЛА́К *м* бурлак (*цебе гIоргъун эхеде кварица гуми-русби цIалев хIалтIухъан*)

БУРЛА́ЧИТЬ *несов*. бурлакльун вукIине, бурлакльи гьабизе

БУРЛИ□ВЫЙ, -ая, -ое гьалагаб, беролеб, гьалдолеб, хъудулеб; **~ пото́к** гьалагаб (беролеб) чвахи (их)

БУРЛИ□//ТЬ *несов*. березе, гьалдезе, беролаго (гьалдолаго) чвахизе; **мо́ре ~т** ралъад беролеб буго; **не́нависть ~т** *перен*. рокъукълъи (щин) гьалдолеб буго

БУРМИ□СТР *м* бурмистр (*ргIиятчилъиялъулаб заманалда помещикас тIамурав староста*)

БУ□РН//ЫЙ, -ая, -ое 1) буранал гIемераб, бураналъ гьалаг-лъизабулеб; **~ый океа́н** гьалагаб океан 2) (*быстрый*) хехаб, гIедегIараб; **~ая река́** хехаб (гIедегIараб) гIор 3) *перен*. (*страстный*) хIасратаб, шавкъ (хIал) бачIараб; **~ый спор** боркьараб, кутакаб дагIба

БУРОВА́Я *ж* бургъ

БУРОВИ□К *м* буровик (*буругъазул махщелчи*)

БУРОВ//О́Й, -а́я, -о́е ворлъариялъул(аб); борлъун гьабураб (бахъараб); **~а́я вы́ шка** бургъ; **~о́й инструме́нт** борлъарулеб алат

БУ́ РСА *ж уст*. бурса (*цебе рухIаниязулаб училищеялда, семинаралда цIар*)

БУРСА́К *м* бурсаялъул цIадохъан

БУРУ́ Н *м* карачел (*полтихараб*)

БУРУНДУ́ К *м* бурундук (*гвангва гIадаб гьитIинаб жанавар ва гьелъул цIоко*)

БУРЧ//А́ТЬ *несов. разг*. 1) бурбудизе, гунгудизе; **~а́ть себе́ под нос** бичIчIуларедухъ (ргIуларедухъ) бурбудизе (гунгудизе) 2) хулхудизе, гьваргъвадизе (*чохьониб*); **[у меня] в живото́ ~и́ т** [дир] чохьониб гьваргъвадулеб буго

БУ́ РЫЙ, -ая, -ое бурияб, тIулакьераб; **~ медве́дь** бурияб ци; **~ у́голь** бурияб ганчIил тIурччи

БУРЬЯ́ Н *м* чIар-чIахI (*мичIчI, тIемIело, хIамизаз ва ц. бор-хатаб чIар-чIах1)*

БУ́ РЯ *ж* буран (*кутакаб гьуригун чвахунцIад яги гIазу*) 2) *перен. чего* буран (*щибниги кутакалда ва хех лъугьунеб жо*) ◊ **~ в стака́не воды́** гьадингояб жо сабаблъун ккараб кьал, дагIба-къец

БУРЯ́ Т *м* бурятав

БУРЯ́ ТКА *ж* бурятай

БУРЯ́ ТСКИЙ, -ая, -ое бурятазул(аб); **~ язы́ к** бурят мацI

БУРЯ́ ТЫ *мн*. бурятал

БУ́ СИНА, БУ́ СИНКА *ж* чIум, маххъ

БУ́ СЫ *мн*. чIумал, маххал, цIикимаххал

БУТ *м спец*. кьвагьун бахъараб гамачI (*кьочIое хIалтIизабулеб гамач1)*; къачIачIеб, куц, форма гьечIеб гамачI; *гьединаб* ганчIил гьабураб кьучI

БУТАФО́Р *м* бутафор (*бутафория хIадур гьабулев чи*)

БУТАФО́РИЯ *ж* бутафория (*щибниги жоялда релъдъинабун гьабураб хIакъикъияб гуреб жо; мас., театралда, тукадул витринаялда*)

БУТАФО́РСКИЙ, -ая, -ое бутафорияб, хIакъикъияб гуреб

БУТЕРБРО́Д *м* бутерброд (*нахгун, хIангун, гьангун яги цоги дандежоялъул кесекгун цадахъ бугеб чадил мочIу*)

БУ□ТОВЫЙ, -ая, -ое кьвагьун бахъараб, къачIачIеб; къачIачIеб ганчIил гьабураб

БУТО́Н *м* ргьичIеб тIогьокъвачIа

БУТОНЬЕ́РКА *ж* бутоньерка (*руччабазул гурдида чIвараб тIегь яги тIогьол квацIи*)

БУ□ТС//Ы *мн*. (*ед*. **~а** *ж*) бутсал (*футбол хIалезул ботинкаби*)

БУТУ□З *м разг*. гьитIинаб бица-бихъатаб лъимер

БУТЫ́ ЛК//А *ж* шиша

БУТЫ́ ЛОЧН//ЫЙ, -ая, -ое шишадул(аб); шишадул кьераб; **~ый цвет** шишадул кьер; **~ое пи́ во** шушбухъе тIураб пиво

БУТЫ́ ЛЬ *ж* кIудияб шиша

БУ́ ФЕР *м* буфер (*маххул нухлул вагоназул, автомобилазул ва ц. тунки тамахлъизабиялъе бугеб хасаб алат*)

БУ́ ФЕРН//ЫЙ, -ая, -ое буферияб, буферальулаб (*кIиго къеркьолеб жоялда гьоркьосеб*) ◊ **~ое госуда́рство** буферияб пачалихъ (*кIиго тушманаб пачалихъалда гьоркьоб бугеб улка*)

БУФЕ́Т *м* буфет (1 *квен ва гьекъолеб жо бичулеб халатаб стол, бокIон;* 2 *кванил цIарагI; квенал, гьекъолеб жо лъолеб шкаф*)

БУФЕ́ТЧИК *м* буфетчи, буфетчик

БУФЕ́ТЧИЦА *ж* буфетчIужу, буфетчица

БУФФОНА́ДА *ж* буффонада (*масхара-хочIалъул кьучIалда гIуцIараб спектакль*)

БУ□Ф//Ы *мн*. (*ед*. *~ м*) буфал, руцIцIалаби, тIанчал (*гордида берцинлъиялъе гьарурал руцIцIалаби, руцIцIун гьарурал тIанчал*)

БУХ 1. *межд. звукоподр. разг*. дванк, хъвап, тIвап 2. *в знач. сказ*. дванкан бахъинабуна; **он ~ кулако́м по столу́** дос, столалда зар бан, дванкан бахъинабуна

БУХА́НКА *ж* буханка

БУ□ХАТЬ *несов. см.* **БУ□ХНУТЬ**[1]

БУ́ ХАТЬСЯ *несов. см.* **БУ□ХНУТЬСЯ**

БУХГА́ЛТЕР *м* бухгалтер

БУХГАЛТЕ́РИЯ *ж* бухгалтерия

БУХГА́ЛТЕРСКИЙ, -ая, -ое бухгалтерияб, бухгалтерасулаб; **~ учёт** бухгалтерасулаб учет (хIисаб-суал)

БУ́ ХНУ//ТЬ[1] *однокр. разг*. 1) дванкизе, кьвагьизе; **~л вы́ -стрел** кьвагьи бахъана 2) *что* (*с силой бросить, уронить*) хъвапан речIчIизе, дванкан бортизе

БУ́ ХНУТЬ[2] *несов*. (*расширяться от влажности*) цуризе, понцIозе (*рагьлица*)

БУ□ХНУТЬСЯ *однокр. к* **бу́хаться** *разг*. хъвапан бортизе, дванкан рехун ине; **~ в кана́ву** хъвапан рахънибе бортизе

БУ́ ХТА *ж* бухта (*ракьалде жанибе бачIараб гумул чIезе квегIенаб ралъдал мацI, залив)*

БУ´ ХТЫ-БАРА́ХТЫ: с бу́хты-бара́хты *разг*. тохлъукье; ракIалдаго гьечIого, ургъичIого, циндаго

БУ´ Ч//А *ж разг*. хъуй, гъалмагъир, гъавгъва, гьай-гъуй; **подня´ть ~у** гъавгъва багъаризабизе

БУШЕВА́//ТЬ *несов*. 1) (*о стихии*) гьалаглъизе (*гьорол, лъадал, цIел хIакъалъулъ*) 2) *перен*. (*буйствовать*) кутакалда щидахине

БУШЛА́Т *м* бушлат (*матросасул исхъалидул пиджак*)

БУЯ´ Н *м разг*. гъалмагъирчи, гIала-гъважачи

БУЯ´ НИТЬ *несов. разг*. гъалмагъир (гIала-гъважа) гьабизе

БЫ *частица* -ан, -ани (*хIалтIизабула:* 1) *щартIияб наклонение лъугьине араб заманаялъул глаголалгун:* **я поéхал бы, éсли бы бы´ло врéмя** заман букIарабани, дун инаан 2) *глаголалъул тIалабияб наклонениялъул хIурматияб форма лъугьине:* **ты прилёг бы** мун вегулевани 3) *предложениялда жаниб мурад, аниш бичIчIизабизе:* **дóждичка бы!** цIадани! **нам бы вмéсте поéхать!** нилъ цадахъ ине лъикIан! 4) *гьечIолъиялъул «не» частицагун:* а) *инфинитивгун шартIияб наклонение лъугьине:* **éсли бы не напóмнили, емý не догадáться бы** ракIалде щвезабичIебани, досда лъазе букIинчIо; б) *щаклъи, хIинкъи:* **не опоздáть бы на рабóту!** хIалтIуде кватIизе гурин! хIалтIуде кватIичIониха!)

БЫВА́ЛО *ввод. сл*. букIунаан, кко-кколаан (*гIахьалаб заманаялъул глагол + частица -ан*); **он ся´дет, ~ , и начнёт расскáзывать** дов гIодов чIолаан ва бицине байбихьулаан

БЫВА́Л//ЫЙ, -ая, -ое *разг*. 1) (*опытный*) гIемер бихьарав (лъалев), хIалбихьи бугев; **он человéк ~ый** дов гIемераб жо бихьарав чи вуго 2) (*привычный*) цебего букIараб, ругьунабго, цIияб гуреб; **это дéло ~ое** гьеб ругьунабго (цебего букIараб, цIияб гуреб) иш буго

БЫВА́//ТЬ *несов*. 1) (*происходить, случаться*) букIине, лъугьине, лъугьа-бахъине; **в горáх чáсто ~ют обвáлы** магIарухъ гIемер ччукIелал рукIуна 2) (*находиться, быть*) щвезе, ваккизе, букIине; **по вечерáм он ~ет в клýбе** къаси-къаси дов клубалда букIуна ◊ **как ни в чём не ~ло** щибго букIинчIеб, ккечIеб гIадин

БЫ□ВШИЙ, -ая, -ее букIараб, цебе букIараб; **~ дирéктор** цеве букIарав директор

БЫ́ДЛО *с собир. прост. бран.* хIайванал (*лъиданиги цере, хIухь къотIун, захIматаб хIалтIи гьабулел чагIи*)

БЫК[1] *м* оц; **он упёрся как ~** оц гIадин, мекъи чIана гьев ◊ **взять ~á за рогá** бачIинахъего оцол лълъурдул кквезе (бищун кIвар бугелдасан байбихьизе)

БЫК[2] *м* (*опора моста*) кьодул сак

БЫЛИ´ НА *ж лит*. былина (*багьадуразул хIакъалъулъ эпосияб кечI)*

БЫЛИ´ НКА *ж* харисум, харигIучI; **тóнкая, как ~** харигIучIгIан тIеренай

БЫ´ ЛО *частица* -хъин букIана; **я пошёл ~, да останови´лся** дун инехъин вукIана, нахъеги чIана; **я чуть ~ не упáл** дун гIодов ккезе дагьалъ хутIана, дун гIодов ккезе вахъана

БЫЛ//О́Й, -а́я, -о́е 1. цебе букIараб, араб; **~óе врéмя** араб (цебе букIараб) заман 2. *в знач. сущ.* **~óе** букIараб, араб

БЫЛЬ *ж* букIараб (лъугьараб, хIакъикъияб) иш (*ургъун бахъичIеб, гьересияб гуреб*); **э´ то не скáзка, а ~** гьеб маргьа гуро, лъугьараб(хIакъикъияб) иш буго

БЫЛЬЁ: быльём поросло́ тIубанго (цебего) кIочана

БЫСТРИНА́ *ж* гIор хехго чвахулеб бакI

БЫ□СТРО *нареч*. хех(го), гIедегIун, гIедер(го), тириго

БЫСТРОГЛА́З//ЫЙ, -ая, -ое бер(ал) хехав, гIедерав, хехаб бералъулав, берал хенолев; **~ая дéвушка** бер(ал) хехай яс

БЫСТРОНО́ГИЙ, -ая, -ое хIетI хехаб (гIедераб); **~ олéнь** хIетI хехаб (гIедераб) ритIучI

БЫСТРОРАСТВОРИ´ МЫЙ, -ая, -ое хехго биунеб; **~ кóфе** хехго биунеб кофе

БЫСТРОРАСТУ´ Щ//ИЙ, -ая, -ее хех (тIадеялдаса тIаде) кIодолъулеб (гIемерлъулеб, цIикIкIунеб, гIун бачIунеб); **~ие потрéбности населéния** халкъалъул тIадеялдаса тIаде цIикIкIунел хIажалъаби

БЫСТРОТА́ *ж* хехлъи´ , гIедерлъи, гIедегIи, тирилъи; **с ~óй мóлнии** пиригIан хех; **~а достáвки** щвезабиялъул хехлъи

БЫСТРОТÉЧН//ЫЙ, -ая, -ое *уст*. хех (гIедегIун, гIедерго) унеб; **~ое врéмя** хех унеб заман

БЫСТРОХО́ДНЫЙ, -ая, -ое хех унеб (хьвадулеб, бекерулеб); **~ комбáйн** хех хьвадулеб комбайн

БЫ´ СТР//ЫЙ, -ая, -ое хехаб, гIедегIараб, тирияб; **~ое вращéние** хехаб свери (тири, хженей); **~ый рост промы´шленности** промышленносталъул хехаб цебетIей

БЫТ *м* рукIа-рахъин, щибаб къоялъулаб гIумру, хьвада-чIвади; **нóвый ~** цIияб рукIа-рахъин

БЫТИЕ́ *с филос*. буголъи, чIаголъи, хIакъикъат, рукIа-рахъин (*нилъер лъай-гIакълуялда бачIеб, объективияб хIа-къикъат: материя, тIабигIат, гьединго материалиял шартIал, общественияб рукIа-рахъин*); **~ определя´ет сознáние** лъай-гIакълу бараб буго рукIа-рахъиналда

БЫ´ ТНОСТЬ *ж*: **в бы´тность** *уст*. букIараб мехалъ; **в ~ мою´ студéнтом** дун студентлъун вукIараб мехалъ

БЫТ//ОВА́ТЬ *несов*. букIине (*букIун, гIадатлъун лъугьине*); **э´ти словá ~ýют в языкé** гьел рагIаби мáцIалда рукIуна

БЫТОВ//О́Й, -áя, -óе рукIа-рахъиналъул(аб); **~ые услóвия** рукIа-рахъиналъул шартIал; **~ое обслýживание** рукIарахъиналъул(аб) хъулухъ гьаби, тIубай; **комбинáт ~óго обслýживания** рукIа-рахъиналъулаб хъулухъалъул комбинат

БЫТЬ *несов. во всех значениях* букIине; **егó ещё нé было (на свете), когдá э´то случи´лось** гьеб жо ккараб мехалъ, дов жеги (дуняалда) вукIинчIо; **у негó есть дéньги** досул гIарац буго; **у меня´ нé было врéмени** дир заман букIинчIо; **заседáние бýдет в срéду** данделъи арбагI къоялъ букIина; **я бýду дóма вéчером** дун рокъов къаси вукIина; **где ты бýдешь зáвтра?** метер мун кив вукIинев? **на нём бы´ ло свéтлое пальтó** досда тIад канчIаб пальто букIана; **~ рабóчим** хIалтIухъанлъун вукIине; **~ весёлым** аваданав вукIине; **гóрод был взят** шагьар бахъун букIана; **он бýдет читáть** дос цIализе буго; **мóжет ~** букIине бегьула; **как ~?** щиб гьабилеб? **так и ~!** гьедин гьабила (тела)! **будь что бýдет!** бокьараб бахъа абе! **что бýдет, то и бýдет** ккараб (бахъараб) букIина; **чемý ~ , томý не миновáть** лъугьине бугеб жо лъугьинчIого букIунаро, бихьизе бугеб жо бихьичIого хутIуларо; **былá не былá!** цо хIал бихьизин! я бергьина, я къела!

БЫТЬЁ *с уст*. гIумру, рукIа-рахъин, гIумру тIамулеб къагIида; **житьё-** ~ рукIа-рахъин, гIумру тIамулеб къагIида

БЫЧА́ЧИЙ, БЫ´ ЧИЙ, -ья, -ье бугъил(аб)

БЫЧИ□ТЬСЯ *несов. прост*. мекълъизе

БЫЧ//О́К[1] *м* (*молодой бык*) баси ◊ **э´ то скáзка про бéлого ~кá** лъугIел гьечIеб маргьа, цого жо чанцIулго бицин, такрар гьаби

БЫЧО́К[2] *м* (*рыба*) бычок (*гIисинал ччугIбузул цо тайпа*)

БЫЧО́К[3] *м прост.* бухIунхутI (*папиросалъул бухIун хутIараб рачI)*

ББЮ(СЬ), ББЁШЬ(СЯ) *и т. д. наст. от* **би´ ть(ся)**

БЮДЖЕ́Т *м* бюджет (*цо гIурхъи чIвараб заманалда жаниб букIине хIисаб гьабураб пачалихъалъул, предприятиялъул яги хасав чиясул тIаде бачIунелъулги харжазулги смета*); **государ́ственный ~** пачалихъалъулаб бюджет; **вы´йти из ~а** бюджеталда бихьизабуралдаса цIикIкIун харж гьабизе

БЮДЖЕ́ТНЫЙ, -ая, -ое бюджеталъул(аб); **~ год** бюджеталъулаб лъагIел

БЮЛЛЕТЕ́НЬ *м во всех значениях* бюллетень (1) *къокъаб лъазаби, мас.: хIаким-чиясул унтул хIакъалъулъ бюллетень* 2) *зама-заманаялдасан кинаб букIаниги идараялъул къокъго басмалда рахъарал хIалтIаби, мас.: гIелмабазул академиялъул бюллетень* 3) *рищиялъул бюллетень*)

БЮРО́ *с нескл. во всех значениях* бюро; **спрáвочное ~** справкабазул бюро; **~ нахóдок** ратарал жалазул бюро

БЮРОКРА́Т *м* бюрократ (1 *бюрократизм, бюрократлъи хIалтIизабулев чи;* 2 *уст. буржуазияб пачалихъалда кIудияв чиновникасда цIар*)

БЮРОКРАТИ́ЗМ *м* бюрократизм, бюрократлъи (*жибго ишалъеялдаса цIикIкIун гьелъул формаялъулаб рахъалде кIвар кьей; формачилъи*)

БЮРОКРАТИ$_{п}$ЧЕСКИЙ, -ая, -ое бюрократияб

БЮРОКРА́ТИЯ *ж* бюрократия (1 *бюрократизм, бюрократлъи;* 2 *собир. бюрократия*)

БЮСТ *м* 1) бюст (*хIамIул, ганчIил яги металлалъул гьабураб инсанасул чорхол тIадехунисеб бутIаялъул сурат)* 2) чIужугIаданалъул керен

БЮСТГА́ЛЬТЕР *м* бюстгальтер (*руччабазул курмузда ретIунеб (хколеб)* жо

БЯ□ЗЕВ//ЫЙ, -ая, -ое бозил; **~ая руба́шка** бозил гурде

БЯЗЬ *ж* боз

В

В (ВО) *предлог* 1) *с вин. п.* (*на вопрос “куда?”*): **пойти́ в теа́тр** театралде ине; **войти́ в ко́мнату** рокъове лъугьине 2*) с предл. п.* (*на вопрос “где?”*): **бума́ги лежа́т в я́щике** кагътал ящикалъур руго; **в ко́мнате** рокъоб ; **жить в Крыму́** Крымалда гIумру гьабизе; **учи́ться в университе́те** университеталда цIализе 3) *с вин. и предл. п.* (*на вопрос “когда?”*): **в пять часо́в** сагIат щугоялда; **в полдень** къалъутIа; **в полночь** сордо бащалъараб мехалъ (*сардилъ*); **во вто́рник** талат къоялъ; **в э́ том году́** гьаб соналъ (исана); **в сентябре́** сентябралда 4) *с вин. и предл. п.* (*при обозначении качества, свойства, вида*): **тетра́дь в кле́тку** клеткаби ругеб тетрадь; **он был в пальто́** гьев пальтоялъулъ вугоан (вукIана); **коме́дия в трёх а́ктах** лъабго актальул комедия 5) *с вин. п.* (*через*): **смотре́ть в бино́кль** дурнабаз (дурнабаздасан) валагьизе; **смотре́ть в окно́** гордухъан валагьизе 6) *с вин. п.* (*ради, для, в качестве, в виде*): **взять в приме́р** мисалалъе босизе 7) *с вин. п.* (*при указании на сходство*): **хара́ктером в отца́** гIамал-хасияталъ инсуда релъарав (эмен гIадав) 8) *с вин. п.* (*при обозначении размера, веса и т.п.*): **моро́з в три гра́дуса** лъабго градусалъул квач; **ве́сом в пять килогра́ммов** щуго килограммалъул цIайи бугеб; **два ме́тра в длину́** халалъи (халалъухъе) кIиго метр бугеб; **в три раза́ бо́льше** лъабго нухалъ кIудияб 9) *с предл. п. с сущ. во мн. ч.* (*указывает профессию и категорию лиц*) **ра́ньше он служи́ л в меха́никах** цеве гьев механиклъун хIалтIулев ву-кIана I0) *с предл. п.* (*при обозначении расстояния*): **в двух киломе́трах от го́рода** шагьаралдаса кIиго километралъ добегIан ◊ **ма́льчик весь в отца́** тIубанго инсуда релъарав вас; **игра́ть в ша́хматы** шахматал хIазе; **заверну́ть в бума́гу** кагътилъ жемизе; **доро́га в лес** рохьобе нух; **снег преврати́ лся в во́ду** гIазу лъеде сверана; **вы́ тянуться в стру́нку** чIва гIадин витIун чIезе; **сказа́ть в шу́тку** махсарадего абизе; **из го́да в год** соналдаса соналде; **состоя́ ть в коми́ ссии** комиссиялда (гьоркьов) вукIине; **помо́чь в рабо́те** хIалтIулъ кумек гьабизе; **сказа́ть в двух слова́х** кIиго ргIиялдалъун абизе

В- (ВО-, ВЪ-) *приставка* 1) *жанибе мас.*: **входи́ть** жаниве лъугьине; **вбежа́ть** жаниве векеризе; **вбить** жаниб къазабизе; **вдохну́ть** жанибе цIазе (*хIухъел*) 2) *с частицей* “-ся”, *мас.*: **всмотре́ться** кIвар кьун, валагьизе (хал гьабизе); **вслу́шаться** кIвар кьун, гIенеккизе (*сундухъниги*)

ВА-БА́НК *нареч.* бокьараб ккайилан (бахъайилан), таваккал тIами ◊ **идти́** ~ таваккал тIамизе (бокьараб ккайилан)

ВАГО́Н *м* вагон; **пассажи́ рский** ~ гIадамал рекIунеб (раччулеб) вагон; **бага́жный** ~ юк (къайи) баччулеб вагон; **ваго́н у́гля** тIорччол вагон (вагон цIураб тIурччи)

ВАГОНЕ́ТКА *ж* вагонетка (*заводазда ва гь. ц. рельсаздасан цун гиризабулеб тIохги гьечIеб гьитIинаб вагон*)

ВАГО́НН//ЫЙ, -ая, -ое вагоназул, вагоналъул; **~ая ось** вагоналъул хIос

ВАГОНОВОЖА́ТЫЙ *м* трамваялъул вагоналъул хьвади рекъезабулев чи, трамвай бачунев чи

ВАГОНОРЕМО́НТНЫЙ, -ая, -ое вагонал къачIалеб (вагоназе ремонт гьабулеб); **~ заво́д** вагонал къачIалеб завод.

ВАГОНОСТРОИ□ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое вагонал гьарулеб; ~ **заво́д** вагонал гьарулеб завод

ВАГО́Н-РЕСТОРА́Н *м* вагон-ресторан (*поездалда унел кваназе бугеб*)

ВАГО́Н-ЦИСТЕ́РНА *ж* вагон-цистерна (*лъамалъи баччизе хIалтIизабулеб*)

ВАГРА́НКА *ж тех.* вагранка (*заводалда хъазан биунеб гьитIинаб печь*)

ВА́ЖНИЧАТЬ *несов.* чIухIдаризе, пахрулъизе, гIамал кIодолъизе

ВА́ЖНО 1. *нареч* (*с важным видом*) чIухIун, пахруго, гIамал кIодого 2. *в знач. сказ.*: ~ **знать, что ну́жно де́лать** щиб гьабизе ккколебали лъикI лъазе ккола

ВА́ЖНОС//ТЬ *ж* 1) (*значительность*) кIвар букIин; **де́ло госуда́рственной ~ти** пачалихъияб кIваралъул (кIвар бугеб) иш 2) (*высокомерие*) чIухIи, пахрулъи, гIамал кIодолъи; **говори́ть с ~тью** пахруго кIалъазе

ВА́ЖН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*значительный*) кIвар бугеб; **~ый вопро́с** кIвар бугеб суал 2) *разг.* (*высокопоставленный*) кIудияб, тIадегIанаб хъулухъалъул (*чи*) 3) (*высокомерный*) пахруяв, чIухIарав, гIамал кIудияв; **с ~ым ви́ дом** пахруяб рагъа-рашаригун

ВА́ЗА *ж*ваза; ~ **для фру́ктов** пихъ лъолеб ваза; ~ **для цвето́в** тIугьдузе (тIугьдул лъолеб) ваза

ВАЗЕЛИ□Н *м* вазелин

ВАЗЕЛИ□НОВ//ЫЙ, -ая, -ое вазелиналъул; **~ое ма́сло** вазелиналъул нах

ВАЗО́Н *м* вазон (*тIугьдузул горшок*), тIегь чIолеб жо

ВАЙНА́ХИ *мн. собир. чече́нцы и ингу́ши* чачанал ва ингушал (*вайнахал*)

ВАЙНА́ХСК//ИЙ, -ая, -ое чачаназул (вайнахазул); **~ие обы́чаи** чачаназул (вайнахазул) гIадатал

ВАКА́НСИЯ *ж* вакансия (*учреждениялда эркенго бугеб хъулухъ, хIалтIи, бак1)*

ВАКА́НТН//ЫЙ, -ая, -ое вакансия бугеб, эркенго бугеб, лъиценаги ккун гьечIеб; **~ая до́лжность** вакансия бугеб хъулухъ; **~ое ме́сто** вакансия (эркенго) бугеб бакI

ВА́КСА *ж* вакса (*хьитазда бахунеб чIегIераб мазь*)

ВА́КСИТЬ *несов.* вакса (мазь) бахине

ВА́КУУМ *м физ.* вакуум (*сунданиги жаниб гьаваялъул цIакъго дагьаб тIадецуялда бугеб газалъул хIал*); **косми́ ческий ~** космосалъулаб вакуум

ВАКХАНА́ЛИЯ *ж* вакханалия (1**.** *некIсияб Рималда жадул ва аваданлъиялъул аллагь Вакхил хIурматалда гьабулеб букIараб байрам* **2.** *перен. кутакалда низам биххи, гьалмагъир*)

ВАКЦИ□НА *ж мед.* вакцина (*бахунеб унтудаса цIунизелъун прививка гьабизе хIалтIизабулеб гьеб унтиялъул загIип гьарурал микробал гъорлъ ругеб препарат*)

ВАЛ[1] *м* 1) (*насыпь*) ракьул сангар, буцур 2) (*волна*) кIудияб карачел (*ралъдал, гIурул*) ◊ **девя́ тый** ~ залимаб борхатаб карачел; щибниги цIакъ кутакалда загьирлъи

ВАЛ[2] *м тех.* вал, хIос; **ме́льничный** ~ гьабил хIос

ВАЛ[3] *м эк.* вал (*гIаммаб багьа хIисаб гьабун, цо чIванкъотIараб заманалда жаниб гьабураб кинабго продукция*); **вы́ полнить план по ~у** вал хIисабалда (гIаммаб куцалъ) план тIубазе

ВАЛЁ́ЖНИК *м собир.* чилтIи, лъелехь (*ракъван гIодоре роргарал гIаркьалаби, гIодор чIварал гъутIби*)

ВАЛЁК *м* валек (1**.** *чурулеб ретIел бухизе, гьелда тIад герело гиризабизе хIалтIизабулеб, гIоркьги бугеб бицатаб ункъбокIонаб, халаткараб ва битIараб хъорщол кесек;* **2.** *чол гьакил гIер;* **3.** *щибниги ишалъе хIалтIизабулеб герело гIадаб жо, мас., гиризабун лажбар бахунеб герело, михир*)

ВА́ЛЕН//КИ *мн.* (*ед.* **~ок** *м*) валенкаби

ВАЛЕРИА́НА, ВАЛЕРЬЯ́ НА *ж бот.* катихер (*даруяб харил цо тайпа*)

ВАЛЕРЬЯ́ НКА *ж разг.* валерьянка, валерианалъул капли (*ракI гIодоцинабияльe гьекъолеб дару*)

ВАЛЕРЬЯ́ НОВ//ЫЙ, -ая, -ое валерианалъул; **~ые ка́пли** валерианалъул къатIраби, капляби; **~ый ко́рень** валерианалъул кьибил

ВАЛЕ́Т *м карт.* валет, солдат (*хIалел кагътазул*); **бубно́вый** ~ кирпич валет ◊ **вале́том спать (лечь)** валет гIадин регизе, кьижизе; бутIрулги батIи-батIияб рахъалде гьарун, цо бусада регизе

ВАЛИДО́Л *м* валидол (*бидурихьал гIатIид гьарулеб дару*)

ВА́ЛИК *м* 1) *уменьш. от* **вал**[2] 2) (*туго набитая продолговатая подушка*) бетека

ВАЛИ□ТЬ[1] *несов.* 1) *кого-что* бегизабизе, щапизабизе, гIодобе чIвазабизе, гъуризе; **ве́тер ва́лит дере́вья** гьороца гъутIби регизарулел руго 2) *что разг.* (*бросать, складывать в беспорядке*) базе, бан бачине, рехизе; ~ **ве́щи в я́ щик** ящикалъуре щалниги жал разе (рехизе) 3) *что на кого-что перен. разг. щибниги жо лъиденаги* рехизе, гIунтIизабизе ~ **вину́** *на кого-л.* гIайиб *лъиденаги* рехизе

ВАЛИ□ТЬ[2] *несов.* 1. бегизабизе, гIодоб чIвазабизе 2. унтиялъ гIемерал чагIи бусада лъезе, хвезаризе 3. тIатIала базе 4. гIайиб чияде рехизе

ВАЛИ́ //ТЬ[3] *несов. разг.* 1) гъун-чIван бачIине; **наро́д ~л на у́лицу** халкъ къватIибе (къотIнобе) гъун-чIван бачIунеб букIана; 2) буризе (*кIкIуй*); 3) хъван базе (*гIазу*)

ВАЛИ□//ТЬСЯ[1] *несов.* гIодов ккезе, гIодов чIвазе; гIодобе гъине, тIатIала ккезе; **с тре́ском ~лись дере́вья** гъутIби чIваркьиялда гIодор чIвалел рукIана ◊ **~тся из рук** сундего квер унеб гьечIо; **~тся с ног от уста́лости** свакаялъ вахъун чIезе кIолеб гьечIо

ВА́ЛКА *ж сущ. от гл.* **ВАЛИ́ ТЬ**[1]

ВА́ЛК//ИЙ, -ая, -ое хехго щапулеб (бортулеб); **~ая ло́дка** хехго щапулеб раса ◊ **ни ша́тко, ни ~о** *погов.* я лъикI гуро, я кквеш гуро; гьоркьохъеб хIалалда, кIудияб хиси ккечIого

ВАЛОВ//О́Й, -а́я, -о́е гIаммаб, цадахъаб; **~о́й дохо́д** гIаммаб (цадахъаб) хайир, доход (*продукциялъул тайпа хIисабалде босичIого, кинабго, гIаммаб къагIидаялъ босун, рикIкIунеб хайир, доход*); **~а́я проду́кция** гIаммаб (цадахъаб) продукция; **~а́я при́быль** гIаммаб (цадахъаб) хайир

ВАЛО́К *м* чIва (*жеги бакIаричIеб бецараб харил яги тIорщалил*)

ВАЛО́М *нареч.*: **вали́ ть** ~ *разг.* (*о толпе и т. п.*) гъун-чIван ине, тIуризе

ВАЛУ□Н *м* кIудияб гургинккараб гьецIо (гамач1)

ВАЛУ□Х *м обл.* сверараб (балъ гьабураб) куй

ВАЛЬДШНЕ́П *м зоол.* вальдшнеп (*рохьил хIанчIазул цояб*)

ВАЛЬС *м* (*танец и музыка*) вальс

ВАЛЬСИ□РОВАТЬ *несов.* вальс кьурдизе

ВАЛЬЦЕВА́ТЬ *несов. что тех.* кIиго валалда (мохрода) гьоркьосан биччазе; ~ **желе́зо** маххкIиго валалда (мохрода) гьоркьосан биччазе

ВАЛЬЦО́ВКА *ж* (*по гл.* **вальцева́ть**) 1. вальцовка (*кIиго валалда гьоркьосан биччай*) 2. (*машина*) вальцовка (*вальцовка гьабулеб машина*)

ВАЛЬЦО́ВЩИК *м* вальцовщик, вальцовкаялда хIалтIулев чи

ВАЛЬЦО́ВЫЙ, -ая, -ое *и* **вальцево́й,** -а́я, -о́е михрал ругеб

ВАЛЬЦЫ́ *мн. тех.* михрал

ВА́ЛЬЩИК *м* (*рохьоб цIул хIадур гьабулелъул, къотIун гъутI--би регизарулев чи*)

ВАЛЮ□ТА *ж* валюта (1 *собир. пачалихъалъ чIезабураб гIарцул система ва гьелъул единицаби;* 2 *батIияб улкаялъул гIарац*)

ВАЛЮ□ТНЫЙ, -ая, -ое валютаялъул; ~ **курс** валютаялъул курс (багьа)

ВАЛЮ́ ТЧИК *м* валюта бичулев, босулев чи

ВАЛЯ́ ЛЬНЫЙ, -ая, -ое квас бугIулеб, квас бугIизе хIалтIизабулеб

ВАЛЯ́ ЛЬЩИК *м* квас бугIулев чи, бугIун буртина гьабулев чи

ВАЛЯ□НИЕ *с* (*по гл.* **валя́ ть**) бугIи; куцай; гебегизаби

ВА́ЛЯН//ЫЙ, -ая, -ое бугIараб; **~ая о́бувь** ругIарал (ругIун гьарурал) буртинадул хьитал

ВАЛЯ́ ТЬ *несов.* 1) *кого-что* гебегахъдизабизе, бегаризабизе, бехъерхъизе; ~ **в снегу́** гIазулъ гебегахъдизабизе, бегаризабизе, бехъерхъизе 2) *что* бугIизе; ~ **во́йлок** буртина бугIизе, квас бугIун, буртина гьабизе 3) *что* куцазе, куцан *щибниги жо* гьабизе; ~ **хлебы́** чадал куцазе ◊ ~ **дурака́** гIабдаллъун хIазе

ВАЛЯ□ТЬСЯ *несов.* 1) тIирщадизе, гебегахъдизе; ~ **в пыли́** хIурулъ гебегахъдизе 2) *разг.* вегун вукIине (*кIвахIалго*); ~ **на дива́не** диваналде рехун вукIине 3) *разг.* (*о вещах*) рехун букIине (*щибниги кибениги*); **кни́ги валяются на дива́не** тIахьал диваналде рехун руго ◊ ~ **в нога́х** *у кого-л. лъилниги* хIатIакь ву-кIине (гIодовегIанлъизе, инжитлъизе, хIакъирлъизе)

ВАМ *мест. личн. дат. п. от* **вы**

ВА́МИ *мест. личн. тв. п. от* **вы**

ВАМПИ́ Р *м* вампир (1 *фольк. маргьабалъ: хабалъа къватIивеги лъугьун, чIагоязул би цIулев хварав чи;* 2 *перен. кутакалда чияр захIмат кваналев чи;* 3 *зоол. кIудияб тайпаялъул къохьолъакIач*)

ВАНА́ДИЙ *м* ванадий (*хим. элемент, металл*)

ВАНДА́Л *м* вандал (*культураялъул памятникал хвезарулев вахIшияв чи*)

ВАНДАЛИ́ ЗМ *м* вандализм (*магIна-мурадго гьечIого, культураялъул памятникал риххизари, щущазари*); **фаши́ стский** ~ фашистазулаб вандализм

ВАНИЛИ́Н *м* ванилин (*ванилалда гъорлъ букIунеб махI берцинаб ва тIагIамаб органикияб жо*)

ВАНИ́ ЛЬ *ж* ваниль (*тропикияб хер ва гьелъул махI-тIагIамалъе кванилъе жубалеб хьон*)

ВА́ННА//А *ж в разн. знач.* ванна: чвердолеб ванна; **приня́ть ~у** ваннаялъув чвердезе; **лече́бные ~ы** даруял ваннаби; **краси́ льная ~а** релъарунеб ванна ◊ **со́лнечные ~ы** бакъулал ваннаби (*черх лъадаризе бакъукь реги*)

ВА́ННАЯ *ж* ванная (*ванна лъураб рукъ*)

ВА́НТ//Ы *мн.* (*ед.* **~а** *ж*) *мор.* гамил мачта (гIер) кколел рицатал кварал

ВА́НЬКА-ВСТА́НЬКА *м* ванька-встанька (*бегун чIоларе6, бегизабуниги тIаде бахъун бачIунеб ясикIо*)

ВАР *м* 1) гьализабураб пицI 2) гьалараб лъим ◊ **сло́вно ~ом обда́ло** кутакалда вихха-хочизавуна, хIинкъизавуна

ВА́РВАР *м прям., перен.* вахIшияв, рахIму гьечIев, хъачIав чи; культура гьечIев чи

ВАРВАРИ́ ЗМ *м* варваризм (*мацIалъул бацIцIалъи хвезабулеб чияр мацIалдаса босараб рагIи яги калам*)

ВА́РВАРСК//ИЙ, -ая, -ое 1) (*невежественный*) жагьилаб, лъавукъаб, нахъе ккараб, культура гьечIеб 2) (*грубый, жестокий*) хъачIаб, гурхIел-рахIму гьечIеб, вахIшияб

ВА́РВАРСТВО *с* 1) (*невежество*) жагьиллъи, нахъеккеб 2) (*жестокость*) гурхIел-рахIму гьечIолъи, вахIшилъи

ВАРГА́НИТЬ *несов. прост. неодобр.* кин батаниги, ракI гьечIого, гьабизе (*щибниги жо*)

ВА́РЕВО *с прост.* гьагIу, лъамияб бухIараб квен

ВА́РЕЖК//И *мн.* (*ед.* **~а** *ж*) квердаххелал (*кIудияб килищ гурони, цогидал килщал ратIалъизаричIел*), гвадачал

ВАРЕНЕ́Ц *м* бетизабураб гьалараб рахь, мацони

ВАРЕ́НИКИ *мн.* (*ед.* **варе́ник** *м*) цIурахинкIал; ~ **с тво́рогом** нисулъхинкIал

ВАРЁН//ЫЙ, -ая, -ое белъараб; **~ое мя́ со** белъараб гьан

ВАРЕ́НЬЕ *с* мурапа, варенье

ВАРИА́НТ *м* вариант (1 *сундулниги цоги батIияб куц, сурат, къагIида;* 2 *текстальул батIиябаб, аслияб текстална данде кколаребаб*); **прое́кт в двух ~ах** кIиго вариант бугеб проект

ВАРИА́ЦИЯ *ж* вариация (1 *вариант;* 2 *музыкияб тема дагьабго хисизаби*); **те́ма с ~ми** вариацияби ругеб тема

ВАРИ́ ТЬ *несов. что* 1) белъинабизе, белъине, цIетIа (цIадутIа) лъун, гьабизе (квен); ~ **суп** чурпа гьабизе; ~ **ко́фе в кофе́йнике** кофейникалъуб кофе гьабизе 2) *тех.* (*плавить*) биинабизе; ~ **сталь** чаран биине (биинабизе) ◊ **голова́ ва́рит** бетIер хIалтIула; **желу́док ва́рит** кванирукъ лъикI хIалтIула (*кваараб жо бихIинабула*)

ВАРИ́ТЬСЯ *несов.* 1) белъине (*жибго*) 2) *тех.* (*плавиться*) биине ◊ ~ **в со́бственном соку́** жиндирго рокъов къан вукIине, жинда сверун бугелъул интерес гьабунгутIизе, лъилгунниги гьоркьоблъи гьабунгутIизе

ВА́РКА *ж* 1. (*по гл.* **варить**) белъин, белъинаби 2. *тех.* биин, биинаби

ВАРЬИ́ РОВАТЬ *несов. что* батIайиса хис-хисизабизе

ВАРЬИ́ РОВАТЬСЯ *несов.* батIайиса хис-хисизе

ВАС *мест. личн. род. п. от* **вы**

ВАСИЛЁК *м* хъахIилдахIа

ВАСИЛЬКО́ВЫЙ, -ая, -ое канчIхъахIилаб, хъахIилдахIаялъул кьераб

ВАССА́Л *м ист.* вассал (1 *кIудияв феодаласе, сюзеренасе мутIигIав гьитIинав феодал;* 2 *перен. лъиданиги варав, нахъви-лълъарав, мутIигIав чи; жибго жиндаго чIараб гуреб, цогияб пачалихъалда бараб, гьелъие мутIигIаб улка*)

ВАССА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое *ист.* вассалияб, вассаласул(аб), вассалазул(аб), лъиданиги бараб, мутIигIаб; **~ая зави́симость** экономикияб, политикияб рахъалъ лъиданиги бараб

ВА́Т//А *ж* квасквас, пампа; **пальто́ на ~е** квасквас лъураб пальто

ВАТА́ГА *ж* 1) *разг.* къокъа, руккел 2) *спец.* ччугIихъабазул артель

ВАТЕРЛИ́ НИЯ *ж мор.* ватерлиния (*нормаялда рекъон, лъадалъ гамил букъун букIунеб бутIа бихьизабулеб мухъ*)

ВАТЕРПА́С *м тех.* ватерпас *гIебеде ва эхеде битIи бихьизабулеб алат*)

ВАТЕРПО́ЛИСТ *м* ватерполист (*ватерполо хIалев чи*)

ВАТЕРПО́ЛО *с нескл. спорт*. ватерполо (*лъелъ торгIо хIай*)

ВАТИ́Н *м* ватин (*тIасанратIлида хинлъиялъе гьоркьоб лъолеб квасквасул бицатаб тамахаб ххам*)

ВА́ТКА *ж* квасквасул (пампадул) кесек

ВА́ТМАН *м* ватман (*черчениялъе хIалтIизабулеб къвакIараб кагъат*)

ВА́ТНИК *м* ватник (*пампа лъураб куртка*)

ВА́ТН//ЫЙ, -ая, -ое квасквасул, пампадул(аб); **~ое одея́ло** пампадул (квасквасул) юргъан, одеяло

ВАТРУ́ШКА *ж* ватрушка (*рагIалал жанире чIвазабураб нисулъгурга*)

ВАТТ *м эл.* ватт (*токалъул мухъалъул активияб къват борцулеб роцен, единица*)

ВА́ФЕЛЬНИЦА *ж* вафельница (*вафля гьабизе хIалтIизабулеб форма, куц*)

ВА́ФЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое 1) вафлялъул 2) тIаде цIутIарал гIисинал клеткаби ругеб (*ххамил хIакъалъулъ*); **~ое полоте́нце** тIаде цIутIарал гIисинал клеткаби ругеб полотенце

ВА́ФЛЯ *ж* вафля (*тIад гIисинал клеткабиги ругеб нахудаги ханаздаги гьабураб печенье*)

ВАХАБИ́ЗМ *м* исламияб диналда жаниб бугеб цо рикьи

ВАХЛА́К *м разг. пренебр.* хIинцав, тантрахъав, хIехьмахIав, культура гьечIев чи

ВА́ХТ//А *ж* 1) *мор*. вахта, дежурналъи; **стоя́ть на ~е** вахтаялда чIезе 2) *перен*. вахта; **на ~е ми́ра** ракълил вахтаялда

ВА́ХТЕННЫЙ, -ая, -ое 1. *мор*. вахтаялъул(аб); **~ журна́л** вахтаялъулаб журнал 2. *в знач. сущ. м* вахтенный (*вахтаялда вугев матрос*)

ВАХТЁР *м* вахтер, кIалтIахъаравул

ВАШ *мест. притяж. м* (**~а** *ж*, **~е** *с*, **~и** *мн*.) 1. нужер, дур; **~ дом** нужер рукъ; **эта кни́га ~а?** гьаб тIехь нужеращ? 2. *в знач. сущ. ~ м разг.* (*муж*) дур рос 3. *в знач. сущ.* **~а** *ж* (*жена*) дур чIужу 4. *в знач. сущ.* **~е** *с* (*вам принадлежащее*) нужер (дур) жо; нуж (мун) бетIергьанаб жо 5. *в знач. сущ.* **~и** *мн.* (*родные*) нужерал, нужер гIагарал; **куда́ ушли́ ~и?** нужерал кире арал? ◊ **во́ля ~а** дур ихтияр буго, дуего бокьухъе гьабе

ВА́ША *мест. ж см.* **ваш**

ВА́ШЕ *мест. с см.* **ваш**

ВА́ШИ *мест. мн. см.* **ваш**

ВАЯ́ТЕЛЬ *м уст. высок.* скульптор

ВАЯ́ТЬ *несов. что уст.* скульптура гьабизе (*хIамIул, ганчIил*)

ВБЕГА́ТЬ *несов. см.* **вбежа́ть**

ВБЕЖА́ТЬ *сов*. жаниве векеризе, векерун жаниве ине; **~ в ко́мнату** векерун рокъове жаниве ине, рокъове жаниве векеризе; **~ на терра́су** рагъиде векеризе

ВБЕРУ́, ВБЕРЁШЬ *и т.д. буд. от* **вобра́ть**

ВБИВА́ТЬ *несов. см.* **вбить**

ВБИРА́ТЬ *несов. см.* **вобра́ть**

ВБИТЬ *сов. что во что* чIвазе, кьабун (бухун) къазабизе; **~ гвоздь в сте́ну** къеда магI чIвазе ◊ *~ кому-л. что-л.* **в го́лову** рекIелъе бортизабизе; гIемер бицун, ракIалда чIезабизе

ВБЛИЗИ́ 1. *нареч*. гIагарда, аскIобегIан; **~ разда́лся крик** гIагарда гьаракь бахъана 2. *в знач. предл.* гIагарда, аскIоб; **~ до́ма** рукъалда аскIоб

ВБОК *нареч*. хьибилалдехун; **смотре́ть ~** хьибилалдехун валагьизе

ВБРА́СЫВАТЬ *несов. см.* **вбро́сить**

ВБРОД *нареч.* гьорлъе лъугьун (*гIор, лъар бахин*); **перейти́ ре́ку ~** гьорлъе лъугьун, вилълъу́н, гIор бахине

ВБРО́СИТЬ *сов. что* жанибе рехизе; **~ мяч в се́тку** *спорт.* сеткаялъубе торгIо рехизе

ВВА́ЛИВАТЬСЯ *несов. см.* **ввали́ться**

ВВАЛИ́ //ТЬСЯ *сов*. 1) *во что* жанибе бортизе, жанибе бортун ине; **~ться в я́му** гвандинибе бортизе (бортун ине) 2) (*стать впалым*) жанибе бортизе; **у больно́го ~лись щёки** унтарасул кIаркьаби жанире рортун ун руго 3) *разг.* (*щумно войти*) хъуй-хъаялда жанире лъугьине (гъун-чIван рачIине)

ВВЕДЕ́НИЕ *с* 1. (*по гл.* **ввести́**) билълъинаби, хIалтIизаби, бачин; **~ но́вой техноло́гии** цIияб технология хIалтIизаби 2. (*вступительная часть*) байбихьул бутIа; байбихьи, цеберагIи 3. (*отдел науки*) гIелмуялъул байбихьулаб бутIа; **~ в языкозна́ние** мацIазул гIелмуялъул байбихьулаб бутIа

ВВЕЗТИ́ *сов. кого-что во что* жанибе баччизе (баччун щвезабизе); **~ дрова́ во двор** азбаралда жанибе (азбаралъубе) цIул баччун щвезабизе

ВВЕК *нареч. разг.* киданиги, абадиялъ; **я ~ э́ того не забу́ду** дида гьеб киданиги кIоченаро

ВВЕРГА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **ввéргнуть(ся)**

ВВЕ́РГНУТЬ *сов. кого-что во что* хIалица гьорлъе (гьоркьобе) цIазе (лъугьинабизе); *щибниги* квешаб хIалалде ккезабизе; **~ в уны́ние** пашман гьавизе (кутакалда), ракI бекизабизе (гIодоб чIвазабизе); **~ в пучи́ну войны́** рагъда гьорлъе (рагъулъе) цIазе

ВВЕ́РГНУТЬСЯ *сов.* гьоркьове (гьорлъе) лъугьине *(хIалица); щибниги* квешаб хIалалде, бакIалде ккезе; **~ в отча́яние** хьул къотIун, кутакалда пашманлъизе

ВВЕ́РЕНН//ЫЙ, -ая, -ое божилъи гьабун, кьураб, божун тIад къараб; **~ое мне де́ло** божун дида тIад къараб иш

ВВЕ́РИТЬ *сов. кому-чему* божилъи гьабун, кьезе; ракIалда бугеб жо, балъголъи божун бицине, божун тIад къазе

ВВЕ́РИТЬСЯ *сов. кому* божилъи гьабизе; божун *щибниги* гьабизе

ВВЕРНУ́ ТЬ *сов. что* кьуризе, кьурун къазабизе; **~ ла́мпу в патро́н** патроналъуб чирахъ кьуризе (къазабизе); **~ винт** кьурун бурав щула гьабизе ◊ **~ слове́чко** рагIи гьоркьоб къазабизе, ккколелъуб рагIи абизе

ВВЁРТЫВАТЬ *несов. см.* **ввернýть**

ВВЕРХ *нареч.* 1) (*кверху*) эхеде, тIаде; **~ по ле́стнице** молодухъа (болъодухъа) тIаде 2) (*к верховью*) гIурул бетIералде; **скот гна́ли ~ по реке́** боцIи гIор ккун эхеде (гIурул бетIералде) къотIулеб букIана ◊ **~ дном** гIакса, вабилгIакса, букIаралъе, букIине ккколелъе гIакса

ВВЕРХУ́ *нареч.* тIад, тIадехун

ВВЕРЯ́ ТЬ *несов. см.* **ввéрить**

ВВЕСТИ́ *сов.* 1) *кого-что* жанибе (гьоркьобе, гьорлъе) бачине, лъугьинабизе; **~ войска́ в го́род** шагьаралда жанибе аскар бачине; **~ ло́шадь в коню́шню** чу бокьобе бачине 2) *что щибниги* байбихьизе; **~ но́вые пра́вила** цIиял къагIидаби байбихьизе (хIалтIизаризе, рилълъинаризе) ◊ **~ в заблужде́ние** къосинавизе, мекъаб нухде ккезавизе; **~ в курс де́ла** ишалъул бугеб хIалалъулгун лъай-хъвай гьабизе

ВВЕСТИ́СЬ *сов.* 1) *см.* **ввести́** 2) хIалтIизабизе лъугьине, хIалтIизабулеблъун (билълъинабулеблъун) букIине

ВВИДУ́ *предлог с род. п.* (*по причине чего-л.*) -алъ, -лъул, гIоло; **~ э́ того** гьелъие гIоло

ВВИНТИ́ ТЬ *сов. что во что* кьурун къазабизе; **~ га́йку** гайка кьурун къазабизе, щула гьабизе

ВВИ́НЧИВАТЬ *несов. см.* **ввинти́ть**

ВВИТЬ *сов. что во что щибниги сунданиги* цадахъ (гьорлъ, гьоркьоб) кьуризе, жемизе, хьухьине; **~ ле́нту в косу́** гьалалда цадахъ чалу хьухьине

ВВОД *м* 1. (*по гл.* **ввести́**) жанибе бачин 2. жинда жанисан *щибниги* бачунеб нух, бакI

ВВОДИ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **ВВЕСТИ́**

ВВО́ДН//ЫЙ, -ая, -ое бетIераб, байбихьул; **~ая часть докла́да** докладалъул байбихьулаб бутIа ◊ **~ое сло́во** *грам.* гьоркьоб ккараб рагIи

ВВОЗ *м* (*по гл.* **ввезти́**) къватIиса (жанибе) баччи; **~ това́ров в страну́** улкаялде къватIиса къайи баччи

ВВОЗИ́ ТЬ *несов. см.* **ввезти́**

ВВО́ЗН//ЫЙ, -ая, -ое жанибе баччиялъул, жанибе баччулеб; **~ая по́шлина** жанибе баччулеб къайиялда лъолеб налог (кумурук)

ВВО́ЛЮ *нареч. разг.* кигIан бокьаниги, гIунги тIокI, бокьанагIан, гьарзаго, эркенго; **фру́ктов бы́ло ~** пихъ бокьарабгIан букIана; **напи́лся ~** гIорцIизегIан гьекъана

ВВО́СЬМЕРО *нареч*. микьцIул, микьго нухалъ; **~ бо́льше** микьго нухалъ цIикIкIун

ВВОСЬМЕРО́М *нареч*. микьгоял (микьгояз) цадахъ, микьгоял лъугьун; **пришли́ ~** микьгоял цадахъ рачIана

В-ВОСЬМЫ́Х *вводн. сл.* микьабизе

ВВЫСЬ *нареч.* эхеде, зодихъе

ВВЯЗА́ТЬ *сов.* 1) *что* хьухьине (*щибниги жоялда гъорлъе жубазабун, цоги батIияб жо хьухьине, мас., батIияб кьералъул кун, чалу, мухъ*); **~ цветну́ю полосу́ в чуло́к** щватаялъулъ кьер бугеб мухъ хьухьине 2) *кого-что перен. разг.* (*впутать*) гьоркьове (гъорлъе) цIазе (*къваригIел гьечIеб ишалда*)

ВВЯЗА́ТЬСЯ *сов. разг.* гьоркьове (гъорлъе) лъугьине (жувазе); **~ в разгово́р** гара-чIвариялда гьоркьове лъугьине (жувазе)

ВВЯ́ЗЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **ввя́ зать(ся)**

ВВЯ́ ЗКА *ж* 1) хьухьин (*гьоркьоб, гъорлъ*) 2) гьоркьоб (гъорлъ) хьухьараб бутIа

ВГИБА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **вогну́ть(ся)**

ВГЛУБЬ 1. *нареч.* жанибе, гъварилъуде 2. *предлог* жанибе, гъварилъуде; **доро́га ухо́дит ~ ле́са** нух рохьобе жанибе унеб буго

ВГЛЯДЕ́ТЬСЯ сов. *в кого-что* кIвар кьун балагьизе; **при́ -стально ~ в карти́ ну** бер тIаса босичIого, кIвар кьун сураталъухъ балагьизе

ВГЛЯ́ ДЫВАТЬСЯ *несов. см.* **вгляде́ться**

ВГОНЮ́ , ВГО́НИШЬ *и т. д. наст. от* **вогна́ть**

ВГОНЯ́ ТЬ *несов. см.* **вогна́ть**

ВГОРЯЧА́Х *нареч.* хехдарун, щцин бахъун, щцидалъ

ВГРЫЗА́ТЬСЯ *несов. см.* **вгры́зться**

ВГРЫ́ЗТЬСЯ *сов. в кого-что разг.* цабзаца къахIан кквезе

ВДАВА́//ТЬСЯ *несов. см.* **вда́ться; ~ться в рассужде́ния** пикраби рицине лъугьине; **не ~ясь в подро́бности** тIину-тIалаялде ваккичIого, гIиси-бикъинал жал мухIкан гьаричIого

ВДАВИ́ ТЬ *сов. что* 1) *во что* тIаде цун, къазабизе (*сунданиги жаниб*) 2) (*прогнуть*) тIаде цун, хунтIизабизе

ВДАВИ́ ТЬСЯ *сов*. 1) тIаде цун, къан ине (*сунданиги жанибе*) 2) хунтIизе, хунтIун ине

ВДА́ВЛИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **вдави́ ть(ся)**

ВДА́ЛБЛИВАТЬ *несов. см.* **вдолби́ ть**

ВДАЛЕКЕ́ *нареч.* рикIкIада, рикIкIадегIан; **~ виднела́сь река́** рикIкIада гIор бихьулеб букIана

ВДАЛИ́ *нареч.* рикIкIада, добегIан; **~ от села́** росдадаса рикIкIада

ВДАЛЬ *нареч.* рикIкIаде; **смотре́ть ~** рикIкIаде балагьизе

ВДА́ТЬСЯ *сов.* 1) жанибе ине (*рикIкIаде*); **полуо́стров вда́лся далеко́ в мо́ре** башдаб чIинкIиллъи ралъдалъе жанибе рикIкIадегIан ун буго; **зали́ в вда́лся в бе́рег** ралъдал мацI (залив) ракъдаллъиялда жанибе бачIун буго 2) *перен. разг.* машгъуллъизе, гъварилъизе, тIерхьине (*пикрабалъ, гара-чIвариялъулъ ва ц.*); **~ в рассужде́ния** пикрабазулъ тIерхьун вукIине

ВДВИГА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **вдви́ нуть(ся)**

ВДВИ́ НУТЬ *сов. что* жанибе лъугьинабизе, хъурщизабизе; **~ я́щик** хъурщи жанибе хъурщизабизе; **~ войска́ в го́род** аскарал шагьаралда жанире лъугьинаризе

ВДВИ́ НУ//ТЬСЯ *сов. во что* жанибе хъурщун ине; **я́ щик с трудо́м ~лся** хъурщи хIалица жанибе хъурщун ана

ВДВО́Е *нареч.* 1) (*в два раза*) кIиго нухалъ (бутIаялъ); **~ сильне́е** кIиго нухалъ къуватаб; **сложи́ ть лист ~** тIамач кIичIвазе

ВДВОЁМ *нареч.* кIиялго цадахъ, кIиялго; **~ весели́е** кIиялго цадахъ (ругони) кеп букIуна

ВДВОЙНЕ́ *нареч.* кIиго бутIаялъ (нухалъ) цIикIкIун

ВДЕВА́ТЬ *несов. см.* **вдеть**

ВДЕ́ВЯТЕРО *нареч.* ичIцIул, ичIго нухалъ; ичIго нухалъ цIикIкIун

ВДЕВЯТЕРО́М *нареч.* ичIгоял цадахъ

В-ДЕВЯ́ ТЫХ *вводн. сл.* ичIабизе (бугони)

ВДЕ́ЛАТЬ *сов. что во что* жаниб рекъезабизе (щула гьабизе, лъезе); **~ ка́мень в кольцо́** баргъичалда нагIли рекъезабун лъезе

ВДЁРГИВАТЬ *несов. см.* **вдёрнуть**

ВДЁРЖКА *ж* 1. (*вдергивание*) жанисан бахъун, ххей 2. *сунданиги щибниги ххезе хIалтIизабулеб* рукIкIен

ВДЁРНУТЬ *сов. что* ххезе; **~ шнурки́ в боти́ нки** ботинка-базда чIалал ххезе

ВДЕ́СЯТЕРО *нареч.* анцIцIул, анцIго нухалъ; **~ бо́льше** анцIго нухалъ цIикIкIун

ВДЕСЯТЕРО́М *нареч.* анцIгоял цадахъ

В-ДЕСЯ́ ТЫХ *вводн. сл.* анцIабизе (бугони)

ВДЕТЬ *сов. что во что* ххезе, жанибе ккезабизе; **~ в игóлку** рукIкIада (кун) ххезе; **~ но́гу в стре́мя** хIетIе озденгалда жанибе ккезабизе (озденгалда хIетIе чIезе)

ВДОБА́ВОК *нареч. разг.* тIаде жоялъе, гьелда тIадеги; **грубит, да ~ ещё и лжёт** хъачIго кIалъалев вуго, гьелда тIаде гьересиги бицунеб буго

ВДОВА́ *ж* къоролай (*рос хварай*)

ВДОВЕ́ТЬ *несов.* къороллъизе, къороллъуда хутIизе

ВДОВЕ́Ц *м* къоролав (*чIужу хварав*)

ВДО́В//ИЙ, -ья, ье къоролалъул, къороласул; **~ья до́ля** къоролалъул (къороласул) къисмат

ВДО́ВОЛЬ *нареч.* хIалхьезегIан, гIезегIан, гIорцIизигIан; **в колхо́зе всего́** ~ колхозалда кинабго хIалхьезегIан буго

ВДО́ВСТВО *с* къороллъи

ВДО́ВСТВОВАТЬ *несов. уст.* къороллъуда гIумру тIамизе

ВДО́ВЫЙ, -ая къороллъуда йигей (вугев); **~ мужчи́ на** къороллъуда вугев бихьинчи

ВДОГО́НКУ *нареч.* хадубго цун, лъалкIда хадуб; **кри́ кнуть ~** унесда хадуб ахIизе (гьаракь гьабизе)

ВДОЛБИ́ ТЬ *сов. что в кого или кому разг.* бугIун къазабизе; хIалица бичIчIизабизе; **~ в го́лову** *что-л.* ботIролъе бугIизе, хIалица бичIчIизабизе

ВДОЛЬ 1. *предлог с род. п.* гъун (ккун, чIван) гIебеде; **~ реки́** гIор гъун гIебеде; **~ бе́рега** рагIал чIван гIебеде; **~ доро́ги** нух ккун гIебеде 2. *нареч.* халаса, халалъухъе; **разре́зать матери́ю ~** ххам халалъухъе къотIизе ◊ **~ и поперёк** а) (*во всех направлениях*) халалъухъеги гIеблъухъеги, киса-кибего; б) (*основательно*) рагIа-ракьанде щун

ВДО́СТАЛЬ *нареч. прост. см.* **вдо́воль**

ВДОХ *м* хIухьелцIай (*цо нухалъ хIухьел жанибе цIай*); **сде́лать ~** хIухьел цIазе; **~ !** (*команда*) хIухьел цIай!

ВДОХНОВЕ́НИЕ *с* гъира, шавкъ, гъира-шавкъ, къасд ккей (*творчествоялде*)

ВДОХНОВЕ́НН//ЫЙ, -ая, -ое гъирояб, хIасратаб, шавкъ бугеб, гъира-шавкъ бугеб; **~ая речь** хIасратаб калам (кIалъай)

ВДОХНОВИ́ТЕЛЬ *м* гъира базабулев (*шавкъ ккезабулев, гъира-шавкъ лъугьинабулев*) чи

ВДОХНОВИ́ТЕЛЬНИЦА *ж* гъира базабулей (шавкъ ккезабулей, гъира-шавкъ лъугьинабулей) гIадан

ВДОХНОВИ́ ТЬ *сов. кого* гъира базабизе, шавкъ бачIинабизе; **~ наро́д** халкъалъул гъира базабизе

ВДОХНОВИ́ТЬСЯ *сов.* гъира базе, шавкъ бачIине, гъира базе

ВДОХНОВЛЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **вдохнови́ ть(ся)**

ВДОХНУ́ ТЬ[1] *сов. что* хIухьел босизе (цIазе); **~ све́жий во́здух** цIояб (бацIцIадаб) гьава босизе (цIазе)

ВДОХНУ́ ТЬ[2] *сов. что* багъаризабизе (бижизабизе, лъугьинабизе) *лъилъниги* (*хIал, пикру, гъира, божи ва ц.*); **~ в кого-л. ве́ру в побе́ду** *лъилъниги* берггьенлъиялда божи бижизабизе

ВДРЕ́БЕЗГИ *нареч.* щущахъ, минатахъ, пин-пана; кескал лъугьун, гъуризе; **разби́ ть стака́н** ~ стакан, кескал лъугьун, гъуризе ◊ **~ пья́ ный** сунтI лъугьун, сакI лъугьун, мехтарав

ВДРУГ *нареч.* 1. (*неожиданно*) цойидасан, циндаго, тохлъукье, хабар гьечIого, ракIалда гьечIого; **~ загреме́л гром** циндаго зоб гъугъана 2. *в знач. частицы* (*а если*) нагагь, нагагьлъун, цощина; **~ он не придёт?** цощина дов вачIинчIони?

ВДУВА́НИЕ *с* жанибе пуй, понцIой

ВДУВА́ТЬ *несов. см.* **вдуть**

ВДУ́ МАТЬСЯ *сов. во что сунданиги тIад* лъикI ургъизе (пикру гьабизе); **~ в смысл письма́** кагътил магIнаялда тIад лъикI ургъизе

ВДУ́ МЧИВО *нареч.* лъикI ургъун (пикру гьабун); **~ относи́ ться** *к чему-л.* ургъун (кIвар кьун, ракI бан) балагьизе *сунденигu, щибниги жоялде, ишалде*

ВДУ́МЧИВЫЙ, -ая, -ое *сунданиги тIад* лъикI ургъулев (пикру гьабулев); **~ челове́к** лъикI ургъулев (пикру гьабулев) чи; ургъун иш гьабулев чи

ВДУ́ МЫВАТЬСЯ *несов. см.* **вду́маться**

ВДУ́ НУТЬ *сов. см.* **вдуть**

ВДУТЬ *сов. что* жанибе пузе, понцIозе

ВДЫХА́НИЕ *с* (*по гл.* **вдохну́ть**[1)] хIухьел жанибе цIай (боси)

ВДЫХА́ТЬ[1,2] *несов. см.* **вдохну́ть**[1,2]

ВЕГЕТАРИА́НЕЦ *м* вегетарианец (*гьанал квен кваналарев, хурдузул, рахьдал квен кванан чIарав чи*)

ВЕГЕТАРИА́НКА *ж* вегетарианка (*гьанал квен кваналарей, хурдузул, рахьдал квен кванан чIарай гIадан*)

ВЕГЕТАРИА́НСК//ИЙ, -ая, -ое вегетарианияб, гьан кунгутIиялда хурхараб; гьан гъорлъ гьечIеб; **~ая пи́ща** вегетарианияб (*гьан гъорлъ гьечIеб*) квен, хурдузул квен

ВЕГЕТАРИА́НСТВО *с* вегетарианлъи (*гьанал квен кваначIого, хурдузул квен кванан чIей*), гьанал квен хIалтIизабунгутIи

ВЕГЕТАТИ́ВН//ЫЙ, -ая, -ое *биол.* вегетативияб, харилаб; гъветI-хер ва рухIчIаголъи бижиялъе (гIеялъе) хасаб; **~ые о́рганы** вегетативиял органал

ВЕГЕТАЦИО́ННЫЙ, -ая, -ое *бот*. вегетациялъулаб; хер бижулеб (гIолеб); **~ пери́ од** вегетациялъулаб заман, хер бижулеб (гIолеб) мех

ВЕГЕТА́ЦИЯ *ж бот.* вегетация, хурдузул гIей (рижи)

ВЕ́ДА//ТЬ *несов.* 1) *что уст.* (*знать*) лъазе; **не ~ет, что твори́ т** гьабулеб жо лъалеб гьечIо 2) *чем* (*управлять*) хIалтIизабизе, билъанхъизабизе; **~ть хозя́ йственной ча́стью** магIишатияб бутIа билъланхъизабизе, бачине

ВЕ́ДЕНИ//Е *с* тIалаб гьаби, балагьи; **быть** *в чьем-л.* **~и** *лъилниги* балагьиялда гъоркь букIине ◊ **без моего́ ~я** дир изну (разилъи) гьечIого

ВЕДЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **вести́**) бачин, билъланабаз, хIалтIизаби; **~ суде́бного де́ла** судалъулаб иш бачин; **~ хозя́ йства** магIишат бачин (хIалтIизаби); **~ заседа́ния** данделъи бачин

ВЕДЁРНЫЙ, -ая, -ое ведродул(аб); ведро гьунеб; **~ бочо́нок** ведро гьунеб, цо ведро жанибе чIехьолеб чирма

ВЕ́ДОМ//О: *с чьего-л.* **~а** *лъилниги* разилъиялдалъун, изнуялдалъун; без *чьего-л.* **~а** *лъилниги* изну (разилъи) гьечIого

ВЕ́ДОМОСТЬ *ж* ведомость; **расчётная ~** расчеталъулаб ведомость

ВЕ́ДОМСТВЕНН//ЫЙ, -ая, -ое ведомственныяб, ведомствоялъулаб; **~ые архи́ вы** ведомствоялъулал архивал

ВЕ́ДОМСТВО *с* ведомство (*пачалихъияб управлениялъул цо хасаб бутIаялъул иш тIубазабулеб идара яги гьезул система*)

ВЕДО́МЫЙ, -ая, -ое бачун унеб, (жиб) бачунеб; **~ самолёт** (жиб) бачунеб самолет (*лъилниги командаялда гъоркь*); **~ лу́чшими побужде́ниями** лъикIал къасдаз вачунев

ВЕДР//О́ *с* ведро ◊ **дождь льёт как из ~á** цIад тIуналъ, чвахун тIун, балеб буго, цIад, гIертIица тIолеб гIадин, балеб буго, тIупан тIолеб буго

ВЕДУ́ , ВЕДЁШЬ *и т. д. наст. от* **вести́**

ВЕДУ́Щ//ИЙ, -ая, -ее 1) *тех.* билъланабулеб; **~ие колёса автомоби́ля** автомобиль билъланабулел бурдул 2) (*идущий впереди, головной*) цебе-цебе (бетIералда) букIунеб, цебехъанлъи гьабулеб; **~ий самолёт** цебехъанлъи гьабулеб самолет 3) (*главный*) нухмалъи гьабулеб, бетIераб; **~ая о́трасль промы́ шленности** промышленносталъул бетIераб бутIа

ВЕДЬ 1. *союз* -лъул, -дал; **веди́ нас, ~ ты зна́ешь доро́гу** раче ниж, дуда нух лъалелъул **2.** *частица усил.* (*же*) гури; **я ~ э́ то тебе́ ты́сячу раз говори́л** дица дуда гьеб азарго нухалъ абуна гури

ВЕ́ДЬМА *ж* 1) *фольк.* хъартай 2) *перен. разг.* щидалай (нахIсай) гIадан

ВЕ́ЕР *м* **1.** веер, гьурихьвагI **2.** *в знач. нареч.* **~ом** бащдаб горлъун, бащдаб гор гьабун (*чIезе*) ◊ **держа́ть хвост ве́ером** чIухIизе, гIамал кIодолъизе

ВЕ́ЖЛИВОСТЬ *ж* адаб-хъатир буголъи, хIеренлъи

ВЕ́ЖЛИВЫЙ, -ая, -ое адаб (адаб-хъатир, хIурмат, хIурмат-адаб, хIурмат-хъатир) бугев, хIеренав; **~ челове́к** адаб-хъатир ккурав чи

ВЁЗ, ВЕЗЛА́ *и т. д. прош. от* **везти́**

ВЕЗДЕ́ *нареч.* кибго, киса-кибего; **~ побыва́ть** кивего (киса-кивего) щвезе (вакка-рагIизе)

ВЕЗДЕСУ́ ЩИЙ, -ая, -ее *ирон.* кивго вукIунев (ватулев), кивего щолев, щолареб бакI букIунарев

ВЕЗДЕХО́Д *м* вездеход (*кисанго билъльунеб (хьвадулеб) автомобиль*)

ВЕЗ//ТИ́ *несов.* 1) *кого-что* баччизе, босун (баччун, бачун) ине (щвезабизе); **~ти́** *кого-л.* **на маши́не** машинаялда (рекIинарун) *щалниги* рачине; **куда́ вы нас ~ёте?** дуца (нужеца) ниж кире рачунел ругел? 2) *безл. кому разг.* данде билъльине, битI ккезе, икъбал (талих1) ккезе; **ему́ не ~ ёт в жи́зни** досие гIумруялда икъбал кьечIо, битI ккечIо

ВЕЙ, ВЕ́ЙТЕ *повел. от* **ве́ять, вить**

ВЕ́ЙСЯ *повел. от* **ви́ ться**

ВЕК *м* 1) (*сто лет*) век, гIасру, нусго сон; **двена́дцатый ~** анцIила кIиабилеб век; **в про́шлом ~е** араб векалда 2) (*эпоха*) заман, век; **ка́менный ~** ганчIилаб век (*ганчIил тIагIел хIалтIизабулеб букIараб заман*) 3) *разг.* (*время жизни человека*) гIумру (*цо чиясул*); **прожи́ ть свой ~** жиндирго гIумру тIамизе; **он мно́го ви́дел на своём ~у́** жиндирго гIумруялда досда гIемераб жо бихьана ◊ **на ~и ве́чные, на ~á** даимго, кидаго, абадиялъ, абадил абадиялъ; **~ живи́ , ~ учи́ сь** *посл.* даим вукIа, даим цIалде (*аби*)

ВЕ́К//И *мн.* (*ед.* **~о** *с*) къапераби, берзул пардавал **ве́рхнее ~о** тIасияб къаперо, пардав

ВЕКОВ//О́Й, -а́я, -о́е 1) нусгосонилаб, нусго сон бараб, гIасруялъулаб; **~о́й дуб** нусго сон бараб миккигъветI 2) гIасрабазул(аб), цебегосеб, некIсияб, гIемер сонал рараб, хераб; **~а́я отста́лость** гIасрабазулаб нахъеккей

ВЕ́КСЕЛЬ *м фин.* вексель (*налъул кагъат, бихьизабураб болжалда гIарац бецIизе къотIи гьабураб кагъат*)

ВЁЛ, ВЕЛА́ *и т. д. прош. от* **вести́**

ВЕЛЕ́НИ//Е *с* буюри, амру гьаби, буюрухъ, амру; **по ~ю се́рдца** рекIел амруялда рекъон; **~е до́лга** налъул (борчалъул) амру

ВЕЛЕ́//ТЬ *сов. и несов. кому-чему и с неопр.* буюризе, амру гьабизе; **он ~л мне сде́лать так** дос дие гьадин гьабеян буюрана; **ему́ не ве́лено кури́ ть** досда хъалиян бухIугеян лъазабун буго, досие бухIизе изну кьун гьечIо

ВЕЛИКА́Н *м* кIодоч, цIакъ кIудияб черхалъул (зорбаяв, залимав, гIуж гIадав) чи, залим

ВЕЛИ́ К//ИЙ, -ая, -ое кIудияб (*во всех значениях*) ◊ **от ма́ла до ~а** гIисиналги чIахIиялги, гIадан хутIичIого, киналго

ВЕЛИКОВО́ЗРАСТНЫЙ, -ая, -ое цIикIкIараб гIелалъул, гIелалъ цIикIкIарав; гIолиллъиялдаса арав

ВЕЛИКОДЕРЖА́ВНЫЙ, -ая, -ое великодержавияб (*кIудияб империалистияб пачалихъалъе хасаб, цо миллат цогидаздаса тIокIаблъун бихьизабулеб, миллатчилъиялъул рухIалда гьабулеб*); **~ шовини́ зм** великодержавияб шовинизм

ВЕЛИКОДУ́ШИЕ *с* муруватлъи, гIаданлъи, ракIлъикIлъи, ракIгIатIилъи

ВЕЛИКОДУ́ШНЫЙ, -ая, -ое муруватав, ракI лъикIав (гIатIидав), гIаданлъи бугев; **~ челове́к** муруватав (гIаданлъи бугев, ракI лъикIав) чи

ВЕЛИКОЛЕ́ПИЕ *с* гIажаибаб (гвангъараб) берцинлъи

ВЕЛИКОЛЕ́ПНО *нареч.* цIакъ лъикI, гIемер лъикI; **~ чу́вствовать себя́** цIакъ лъикIаб хIалалда вукIине

ВЕЛИКОЛЕ́ПН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*роскошный*) цIакъ (гIажаибго, гвангъун) берцинаб, чIухIараб, гьайбатаб; **~ый дом** гьайбатаб (берцинаб, чIухIараб) мина 2) *разг.* (*отличный*) цIакъаб, гIажаибго цIакъаб; **~ый ма́стер** цIакъав устар

ВЕЛИЧА́В//ЫЙ, -ая, -ое гьайбатаб, зорбаяб, чIурканго чIухIараб; **~ая оса́нка** зорбаяб лага; **~ая по́ступь** гьайбатаб рилъльин

ВЕЛИЧА́ЙШИЙ, -ая, -ее *превосх. ст. к* **вели́ кий**

ВЕЛИЧА́ТЬ *несов. кого* 1) (*называть*) цIар абизе; **~ по ба́тюшке** инсул цIар абизе 2) (*чествовать*) кIодо гьабизе, хIурмат гьабизе, цIар бахъинабизе; **~ женихá с неве́стой** бахIаравгун бахIарай кIодо гьаризе, бахIарасулгун бахIараллъул хIурмат гьабизе

ВЕЛИ́ ЧЕСТВЕНН//ЫЙ, -ая, -ое цIакъ гьайбатаб (къадруяб, бергьараб), токIлъи бугеб; **~ая панора́ма го́рода** шагьаралъул гьайбатаб панорама (сурат)

ВЕЛИ́ ЧЕСТВО *с* бетIерчIахъад (*адаб-хIурмат гьабун абулеб рагIи*)

ВЕЛИ́ ЧИЕ *с* кIодолъи, машгьурлъи, хIурмат-цIар букIин, къадру-къиматалъе мустахIикълъи; **~ по́двига** гьунаралъул (бахIарчилъиялъул) кIодолъи

ВЕЛИЧИНА́ *ж* 1) кIодолъи, кIодолъи-гьитIинлъи; **~ пло́щади** майданалъул кIодолъи (гIатIилъи); **~ ко́мнаты** ру-къалъул

кIодолъи 2) *мат., физ.* величина (*борцине, рикIкIине бегьулебщинаб жо*); **неизве́стная** ~ лъалареб величина 3) *перен.* (*о человеке*) махщел (гьунар, лъай) бугев чи

ВЕЛОГО́НК//И *мн.* (*ед.* **~а** *ж*) *спорт.* велосипедал риччай (*къецазда*)

ВЕЛОГО́НЩИК *м* велогонщик (*велосипедал риччалезул къецазда гIахьаллъи гьабулев чи*)

ВЕЛОГО́НЩИЦА *ж* велогонщица

ВЕЛОДРО́М *м* велодром (*велосипедал риччалеб бак1)*

ВЕЛОСИПЕ́Д *м* велосипед

ВЕЛОСИПЕДИ́СТ *м* велосипедист (*велосипедалда рекIарав*)

ВЕЛОСИПЕДИ́СТКА *ж* велосипедистка

ВЕЛОСИПЕ́ДН//ЫЙ, -ая, -ое велосипедалъул; **~ое колесо́** велосипедалъул бер (гьоко)

ВЕЛЬВЕ́Т *м* махмар, къатIипа

ВЕЛЬВЕ́ТОВ//ЫЙ, -ая, -ое къатIипадул, махмаралъул; **~ое пла́тье** махмаралъул (къатIипадул) гурде

ВЕ́НА *ж анат.* бидурихь

ВЕНГЕ́РКА[1] *ж* венгрияй

ВЕНГЕ́РКА[2] *ж* 1) венгерка (*венгриязул(аб) кьурди ва гьелъул музыка*) 2) *уст.* венгерка (*къокъаб хъабарча, куртка*)

ВЕНГЕ́РСКИЙ, -ая, -ое венгриязул(аб); **~ язы́к** венгриязул мацI

ВЕНГР *м* венгрияв

ВЕ́НГРЫ *мн.* венгриял

ВЕНЕРИ́ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое венерикияб; **~ие боле́зни** венерикиял унтаби (рекIадул унтаби) (сифилис, гонорея, шанкр)

ВЕНЕРО́ЛОГ *м* венеролог (*венерикиял унтабазул специалист*)

ВЕНЕРОЛО́ГИЯ *ж* венерология (*венерикиял унтабазул ва гьел сах гьариялъул гIелму*)

ВЕ́НЗЕЛЬ *м* вензель (*берцинго хьухьун гIадин хъварал фамилиялъул ва цIаралъул яги цIаралъул ва инсул цIаралъул тIоцересел хIарпал*)

ВЕНЕ́Ц *м* 1) *уст.* тIугьдузул гор 2) *перен. чего* ишалъул лъикIаб лъугIел 3) *уст.* таж; **ца́рский** ~ пачаясул таж 4) *уст. килисаялъуб, магьари лъолелъул,* бахIаразда тIад лъолеб таж; **пойти́ под** ~ *с кем-л. лъилгунниги* магьари лъезе 5) (*ореол*) нуралъул свери, гор, горсвери; **~ луны́** моцIрол гор (*сверун лъугьунеб нуралъул гор*) 6) *стр.* (*в срубе*) *чIалабазул мина балелъул, гьезул* цо кьер, мухъ

ВЕ́НИК *м* цIилицI

ВЕНО́ЗН//ЫЙ, -ая, -ое бидурихьалъул; **~ая кровь** бидури-хьалъул би

ВЕНО́К *м* тIугьдузул гор; **~ из полевы́х цвето́в** авлахъалъул тIугьдузул гор

ВЕНТИЛИ́РОВАТЬ *несов. что* вентиляция гьабизе (*сундуениги*), цIияб гьава биччазе

ВЕ́НТИЛЬ *м* вентиль (*тех. лъамалъиялъул, газалъул яги хIухьелалъул чвахи рекъезабизе, цIикIкIине яги дагьлъизабизе кьурулеб клапан*)

ВЕНТИЛЯ́ТОР *м* вентилятор (*гьава речIчIизабулеб алат*)

ВЕНТИЛЯЦИО́ННЫЙ, -ая, -ое вентиляциялъул; **~ые тру́бы** вентиляциялъул турбаби (трубаби)

ВЕНЧА́НИЕ *с* 1) *церк.* магьари лъей (*килисаялъуб*) 2) (*коронование*) тахиде вахин (*пача*)

ВЕНЧА́//ТЬ *несов.* 1) *кого-что лъиданиги* хIурматалъе тIугьдузул гор базе; **~ть чемпио́на** чемпионасда тIугьдузул гор базе 2) *кого с кем церк.* магьари лъезе 3) *что перен.* лъикI тIубазабизе; **коне́ц ~ет делу** лъугIелалъ иш берцин гьабула

ВЕНЧА́ТЬСЯ *несов. церк.* магьариги лъун, ригьин гьабизе

ВЕ́НЧИК *м бот.* тIогьол кар, таж

ВЕПРЬ *м* хъабан, гIалхул болъон

ВЕ́Р//А *ж* 1) божи, божел, ракIчIей; **~а в люде́й** гIадамазда божи; **~а в успе́х де́ла** ишалъул лъугIелалда ракIчIей 2) *рел.* дин, иман; **мусульма́нская ~а** бусурбабазул дин ◊ **служи́ть ~ой и пра́вдой** хилиплъичIого хъулухъалъе чIезе (хъулухъ гьабизе); **приня́ть** *что-л. на* **~у** божилъиялдалъун *щибниги* къабул гьабизе

ВЕРА́НДА *ж* рагъи; **застеклённая** ~ цIер ккураб рагъи

ВЕ́РБА *ж* рицIигъветI, рицI

ВЕРБА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое кIалзулаб, рагIулаб; **~ая но́та** рагIулаб нота (*кIалзулаблъун рикIкIунеб, ахада гъолбас гьечIеб дипломатияб нота*)

ВЕРБЛЮ́Д *м* варани

ВЕРБЛЮ́ДИЦА *ж* цIуяб варани, цIоварани, эбелаб варани

ВЕРБЛЮЖА́ТИНА *ж см.* **верблю́жина**

ВЕРБЛЮ́Ж//ИЙ, -ья, -ье варанидул; **~ья шерсть** варанидул квас

ВЕРБЛЮ́ЖИНА, ВЕРБЛЮЖА́ТИНА *ж* варанидул гьан

ВЕРБЛЮЖ//О́НОК *м* (*мн.* **~а́та**) варанидул тIинчI

ВЕРБОВА́ТЬ *несов. кого-что* бокьун кинаб бугониги гIуцIиялде хъвазе, ракIаризе, ралагьизе; ~ **рабо́чих** хIалтIухъаби ралагьизе (ракIаризе)

ВЕРБО́ВКА *ж* (*по гл.* **вербова́ть**) кинаб бугониги гIуцIиялде бокьун хъвай (ракIари, ралагьи)

ВЕРБО́ВОЧНЫЙ, -ая, -ое ракIарулеб, хъвалеб; ~ **пункт** ракIарулеб (хъвалеб) пункт

ВЕРБО́ВЩИК *м* вербовщик (*кинаб бугониги гIуцIиялде гIадамал хъвалев, ракIарулев, ралагьулев чи*)

ВЕРЁВК//А *ж* квар, батIаргьин, рухьен ◊ **вить ~и** *из кого-л.* тIубанго мутIигIавлъун лъугьинавизе, жиндиего бокъараб гьабизе тIамизе

ВЕРЁВОЧН//ЫЙ, -ая, -ое кварил; **~ая ле́стница** кварил мали

ВЕРЕДИ́ТЬ *несов. что см.* **бередить**

ВЕРЕНИ́ЦА *ж* мухъ, тIел, читIир; **~ журавле́й** къункъарабазул тIел

ВЕ́РЕСК *м* вереск (*гIисинал тIанхалги канчIбагIарал тIугьдулги ругеб даимго гIурччинаб тIуцаб хъарахъ*)

ВЕРЕТЕНО́ *с* мерго

ВЕРЕЩ//А́ТЬ *несов.* чIичIидизе, (чIирчIидизе); **пти́цы ~а́т** хIанчIи чIичIидулел руго

ВЕРЗИ́ЛА *м, ж* чIалгIадехалат, эхедехалат

ВЕРИ́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое божилъиялъул; божилъи гьабун кьураб; **~ые гра́моты** божилъиялъул грамотаби

ВЕ́РИТЬ *несов.* 1) *кому-чему* божизе, ракI чIезе; ~ **в успе́х борьбы́** къеркьеялъулъ бергьиналда ракI чIезе (божизе); ~ **на́ слово** рагIуда божизе 2) *в кого* (*веровать*) ракI чIун божизе ◊ **не ~ свои́м гла́зам (ушам)** тамашалъи (гIажаиблъи) гьабизе

ВЕ́РИ//ТЬСЯ *несов. безл.:* **~тся с трудо́м** божизе захIма-лъула; **мне не ~тся, что**… дида божизе кIоларо. . .

ВЕРМИШЕ́ЛЬ *ж* вермишель; **суп с ~ю** вермишелалъул чурпа, вермишель бараб чурпа

ВЕРНЕ́Е 1. *сравн. ст. к* **ве́рный** *и* **ве́рно** 2. *в знач. вводн. сл.* мухIканго абуни; **напиши́ заме́тку, ~ , о́черк** макъала, мухIканго абуни, очерк хъвай

ВЕРНИСА́Ж *м* вернисаж (*рохел-хIурматалда художест-вияб выставка рагьи*)

ВЕ́РНО 1. (*правильно*) битIун (битIараб) буго; **э́ то** ~ гьеб битIун (битIараб) буго 2. *в знач. вводн. сл.* баянаб жо; **он, ~, не придёт** баянаб жо, дов вачIинаро; **с по́длинным** ~ хIакъикъиябгун данде кколеб буго

ВЕ́РНОСТ//Ь *ж* 1) (*правильность*) битIи, битIараб (битIун) букIин; **~ь перево́да** таржамаялъул (буссинабиялъул) битIи, буссинаби битIараб букIин 2) (*преданность*) ритIухъалъи; **~ь ро́дине** ватIаналъе ритIухъалъи; **кля́сться** *кому-л.* **в ~и** *лъиениги*, ритIухъалъи баян гьабун, гьедизе, ритIухъалъиялъе гьедизе

ВЕРНУ́ТЬ *сов.* 1) *кого-что* (*взятое*) тIад буссинабизе, нахъ буссинабизе, нахъе кьезе, бецIизе; ~ **кни́гу** тIехь нахъе кьезе; ~ **долг** налъи бецIизе 2) *кого-что* (*заставить вернуться*) тIад вуссинавизе, нахъвуссинавизе; ~ **ребёнка домо́й** лъимер рокъобе тIадбуссинабизе (нахъбуссинабизе) 3) *что* (*восстановить*) букIараб куцалъ гьабизе, гъоркь букIахъе, рукIалиде ккезабизе; ~ **здоро́вье** сахлъи рукIалиде ккезабизе

ВЕРНУ́//ТЬСЯ *сов.* 1) нахъбуссине, тIадбуссине; **~ться из о́тпуска** отпускалдаса тIадвуссине 2) (*восстановиться*) букIахъе лъугьине, букIараб бакIалде (хIалалде) бачIине, нахъбуссун (тIадбуссун) бачIине; **си́лы сно́ва ~лись к нему́** цIидасан рухI бачIана досде; **~ться к пре́рванной рабо́те** гьоркьоб къотIараб хIалтIуде тIадвуссине

ВЕ́РН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*преданный*) ритIухъаб, рекIкI гьечIеб, мутIигIаб; **~ый друг** ритIухъав гьудул 2) (*правильный*) битIараб; **~ая мысль** битIараб пикру; **~ый отве́т** битIараб жаваб; **~ое**

реше́ние битIараб хIукму 3) (*надежный, прочный*) ракI чIараб, божи бугеб, щулияб, кьучIаб; **~ая стра́жа** божи бугеб хъаравуллъи 4) *(неизбежный):* щаклъи гьечIеб, хIакъаб; **~ая ги́бель** хIакъаб хвел

ВЕ́РОВАНИЕ *с* диниябожи; дин

ВЕ́РОВАТЬ *несов. в кого, во что* божизе, ракI чIезе; Аллагьасда, диналда божизе

ВЕРОИСПОВЕ́ДАНИ//Е *с* дин; диниябсистема; **свобо́да ~я** бокьараб дин гьабизе квекIен гьечIолъи, дин гьабиялъе эркенлъи

ВЕРОЛО́МН//ЫЙ, -ая, -ое хиянатаб, ламартаб, мунапикъаб, божударекIкIаб; **~ое нападе́ние** хиянатаб тIадекIанцIи; **~ый враг** ламартав тушман

ВЕРОЛО́МСТВО *с* хияналъи, ламартлъи, мунапикълъи, божударекIкI

ВЕРООТСТУ́ ПНИК *м* диналдаса инкар гьабурав чи, дин рехун тарав чи, къосарав чи

ВЕРООТСТУ́ ПНИЧЕСТВО *с* диналдаса инкар гьаби, дин рехун тей, къосин

ВЕРОЯ́ ТНО *вводн. сл.* батила, ккола, букIине (батизе) бегьула (ккола); **он, ~, уже́ при́был домо́й** дов рокъове щун ватизе бегьула; **сего́дня, ~, бу́дет дождь** жакъа цIад балилан ккола

ВЕРОЯ́ТНОСТ//Ь *ж* букIине (ккезе, лъугьине) бегьи; **~ь собы́тия** лъугьа-бахъин ккезе рес букIин; **по всей ~и** балагьараб механалъ … ккола

ВЕРОЯ́ ТНЫЙ, -ая, -ое букIине бегьулеб (рес бугеб); **вполне́ ~ слу́чай** тIубанго букIине бегьулеб лъугьа-бахъин

ВЕ́РСИ//Я *ж* версия (*сундулниги баян кьеялъул, херхиналъул вариант, сверел*); **выдвига́ть но́вую ~ю** цIияб версия цебе бачине, лъезе

ВЕРСТ//А́ *ж уст.* верст (*=1,06 км*) ◊ **уви́деть за ~у** рикIкIадасанго бихьизе

ВЕРСТА́К *м* верстак; **столярный ~** цIулал устарасул верстак (*тIад хIалтIи гьабулеб стол*)

ВЕРСТА́ТЬ *несов. что полигр.* верстка гьабизе (*рищарал гьурмал ращад гьаризе, цо кьералда лъезе – газеталда, тIехьалда*)

ВЁРСТКА *ж полигр.* **1.** (*по гл.* **верста́ть**) набор, гьурмал ращад гьари, цо кьералда лъей **2.** (*набор, листы*) верстка (*гьарурал гьурмал, набор*)

ВЕ́РТЕЛ *м* цIадуда гьан бежулеб хIара

ВЕРТ//Е́ТЬ *несов. что* 1) тиризабизе, терезабизе; сверизабизе, ххенезабизе; **~еть колесо́** бер (чарх) ххенезабизе 2) *перен. кем-чем лъиданиги* тIубан квершел гьабизе; **~е́ла им, как хоте́ла** долъ гьесда бокьараб гьабулаан ◊ **как ни ~и́** сундухъго балагьичIого; **~е́ть хвосто́м** а) битIараб жаваб кьунгутIизе, жаваб кьеялдаса хьвазе б) хIилла-макру гьабизе, гуккизе

ВЕРТ//Е́ТЬСЯ *несов.* 1) (*вращаться*) тиризе, терезе, сверизе, ххенезе; **колесо́ ве́ртится** бер (чарх) ххенолеб буго 2) (*ворочаться*) кьуркьудизе; **сиди́ споко́йно, не ~и́сь** цо хIалалда чIа, кьуркьудуге 3) *разг.* (*находиться на виду*) цевехъахъдизе; **он ве́ртится здесь весь день** дов тIубараб къоялъ гьанив цевехъахъдулев вуго 4) *разг.* (*увиливать*) жавабалдаса ворчIизе (хьвазе); **не ~и́сь, а говори́ пра́вду** кьуркьудуге, битIараб бице ◊ **ве́ртится в голове́** ботIролъ ххенолеб буго, ракIалде щолеб гьечIо

ВЕРТИКА́ЛЬ *ж* вертикаль, тIаса гIодобе унеб мухъ

ВЕРТИКА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое вертикалияб, тIаса гъоркье битIараб; **~ая ли́ния** вертикалияб мухъ; **~ый взлёт** битIун гъоркьа тIаде боржин

ВЕРТИХВО́СТКА *ж прост. не одобр.* тIадагьай гIадан, ботIрониб гьури бахъарай гIадан

ВЕРТЛЮ́Г *м* 1) *анат.* рохукъотIул бетIер 2) *тех.* терхеро

ВЕРТЛЯ́ ВЫЙ, -ая, -ое *разг.* цо хIалалда (хIалхьиялда) чIолареб, рахIат хвараб; **~ ребёнок** хIалхьиялда чIолареб, чIезе кIолареб лъимер, женкIолеб лъимер

ВЕРТОЛЁТ *м* вертолет

ВЕРТУ́ШКА *ж* 1) *разг.* техтеро, свердиро 2) *перен. разг. шутл.* тIадагьай гIадан, хIал кколарей гIадан

ВЕРТЯ́ ЧКА *ж вет.* гIадаллъун унти (*гIия́л*)

ВЕ́РУЮЩИЙ *м* Аллагьасда божулев, диниябчи

ВЕРФЬ *ж* верфь (*гама гьабулеб ва къачIалеб бак1)*

ВЕРХ *м* 1) (*верхняя часть чего-л.*) тIалъи, тIаралъи, тIогь; **~ горы́** мугIрул тIогь; **забра́ться на са́мый ~** тIогьибе (тIаралъи-ялде) бахине 2) (*лицевая сторона одежды*) тIасияб (гьумераб) рахъ (*ратIлил*); **шу́ба с суко́нным ~ом** тIасияб рахъ исхъалидул тIимугъ 3) (*высшая степень чего-л.*) *сундулниги* бищунго тIадегIанаб даража, тIокIлъи; **~ мастерства́** махшелалъул тIокI-лъи 4) *мн.* **~и́** *разг.* (*правящие круги*) хIакимзаби, бутIрул *(пачалихъалъул, обществоялъул);* **совеща́ние в ~а́х** пачалихъазул бутIрузул данделъи 5) *мн.* **~и́** *перен. разг. сундулниги* тIаса-масагояб, кIвар гьечIеб (къватIисеб) рахъ; **нахвата́ться ~ов** тIаса-масагояб (гъварилъи гьечIеб) лъай щвезе ◊ **одержа́ть ~ бергьине; брать ~** *сундасаниги, лъидасаниги* къуват цIикIкIине, бергьине

ВЕ́РХН//ИЙ, -яя, -ее 1) тIасияб; **~ий эта́ж** тIасияб тIала; **~ие слои́** тIасиял гъатал 2) (*близкий к верховьям реки*) тIасияб, гIурул бетIералде гIагараб; **~ее тече́ние реки** гIурул тIасияб чвахи 3) (*об одежде*) тIасан ретIунеб; **~ее пла́тье** тIасан ретIел

ВЕРХО́ВН//ЫЙ, -ая, -ое тIадегIанаб, бетIераб; **~ая власть** тIадегIанаб ихтияр, тIадегIанаб хIукумат

ВЕРХОВО́ДИТЬ *несов. кем-чем разг.* бетIерлъи (цебе-хъанлъи), тIалъи гьабизе

ВЕРХОВ//О́Й[1]**,** -а́я, -о́е **1.** рекIунеб, чода рекIиналда хурхараб; **~ая ло́шадь** рекIунеб чу **1.** *в знач. сущ.* **~о́й** *м* рекIарав; **посла́ть ~о́го** рекIарав витIизе

ВЕРХОВО́Й[2]**,** -а́я, -о́е 1) (*относящийся к верховьям реки*) гIурул бетIералде гIагараб 2) (*дующий по верху*) тIасан пулеб

ВЕРХО́ВЬЕ *с* гIурул (лъарал) бетIер; **~ реки́** гIурул бетIер

ВЕРХОГЛЯ́ДСТВО *с разг.* тIаса-масаголъи, тIаса-масагояб бербалагьи

ВЕРХОЛА́З *м* верхолаз (*борхалъуда хIалтIулев специалист*)

ВЕРХО́М[1] *нареч.* 1) (*по верху*) тIасан, тIасаб рахъ ккун; **доро́га идёт ~** нух тIасан буго 2) *разг.* (*выше краев*) бетIер гьабун, цIун; **насы́пать муку́ в ча́шку ~** суркIинибе цIезабун ханжу базе

ВЕРХО́М[2] *нареч.* рекIун (*чода*); **пое́хать ~** рекIун ине (*чода*); **сиде́ть ~ на сту́ле** бакIида рекIине (*чода гIадин*), кьан бан ре-кIине

ВЕРХУ́ ШК//А *ж* 1) (*верхняя часть чего-л.*) тIогь, кар, бетIер; **~и дере́вьев** гъутIбузул карал 2) *перен. разг.* (*правящая группа*) бутIрул (хIакимзаби) 3) *перен.* тIаса-масагояб, къватIисеб рахъ; **~и зна́ний** тIаса-масагояб лъай (лъаялъул тIаса-масаголъи)

ВЕ́РША *ж* ччугIа кколеб чIел

ВЕРШИ́ Н//А *ж* 1) тIогь, бетIер, борхалъи; **~ а угла́** *мат.* бокIоналъул бетIер 2) *перен. высшая степень чего-л.* борхалъи

ВЕРШИ́ ТЬ *несов. что, чем* тIубазабизе, иш билъалъинабизе**; ~ все дела́ (все́ми дела́ми)** киналго ишал тIуразаризе (рилъалъинаризе)

ВЕРШО́К *м уст.* вершок (*халалъиялъул некIсияб роцен: 4,4 см*)

ВЕС *м* 1) бакIалъи, цIайи; **определи́ ть ~ това́ра** къайидул бакIалъи чIезабизе; **чи́стый ~** бацIцIадаб цIайи; **боре́ц тяжёлого ~а** бакIаб цIайиялъул гугарухъан; **приба́вить в ~е** бакIалъизе, цIайи цIи-кIкIине; **продава́ть на ~** цIан бичизе 2) *перен.* (*влиятельность, авторитет*) къадру, сий, ас; **челове́к с больши́м ~ом** кIудияб къадру (сий, асс) бугев чи ◊ **на ~ зо́лота** меседида данде цIан, цIакъ хираго; **держа́ть на ~у** дализабизе, далун чIезабизе

ВЕСЕЛЕ́ТЬ *несов.* аваданлъизе

ВЕСЕЛИ́ТЬ *несов. кого-что* аваданлъизабизе, бохизабизе, ракI гъезабизе; **~ ребёнка** лъимер бохизабизе, лъимадул ракI гъезабизе

ВЕСЕЛИ́ ТЬСЯ *несов.* кеп гьабизе, аваданлъи гьабизе

ВЕ́СЕЛО 1. *нареч.* авадан(го), рохалида; ихтилаталда, кепалда, ихтилат-кепалда **2.** *в знач. сказ. безл.*: **мне ~** дун аваданго (вохун, кепалда) вуго

ВЕСЁЛОСТЬ *м* рохел (аваданлъи, ихтилат-кеп) букIин; аваданаб хIал

ВЕСЁЛ//ЫЙ, -ая, -ое *в разн. знач.* аваданаб, кепаб, бохараб, ихтилатаб, ракI гъураб; **~ый челове́к** аваданав чи; **~ая ко́мната** ихтилат-кеп гIемераб рукъ; **~ый спекта́кль** ихтилатаб (кепаб, аваданаб) спектакль

ВЕСЕ́ЛЬЕ *с* аваданлъи, кеп, рохел, ихтилат, ихтилат-кеп, ракIгъей

ВЕСЕЛЬЧА́К *м разг.* аваданав (кепав, ихтилатав) чи

ВЕСЕ́НН//ИЙ, -яя, -ее ихдалил; **~ие кани́кулы** ихдалил каникулал

ВЕ́СИ//ТЬ *несов.* бакIлъи (цIайи) букIине, цIавуда букIине; **э́ та ры́ба ~т два килогра́мма** гьаб ччугIида кIиго килограмм (цIайи) буго

ВЕ́СК//ИЙ, -ая, -ое 1) бакIаб, бакIлъи бугеб; **зо́лото и свине́ц ~ие мета́ллы** меседги тIохьиги бакIал металлал ккола 2) (*убедительный*) гIураб, якъинаб, ракI чIезабулеб, божизабулеб; **~ий до́вод** гIураб хIужжа

ВЕСЛО́ *с* раххан, гIер (*лъим ххалеб*); **грести́ вёслами** ра́ххнаца лъим ххазе

ВЕСНА́ *ж* их; **наступи́ ла ~** их бачIана (щвана)

ВЕСНО́Й, ВЕСНО́Ю *нареч.* ихдал; **э́ то бы́ ло ~** гьеб букIана ихдал

ВЕСНУ́ ШК//И *мн.* (*ед.* **~а** *ж*) тIонтIро, тIипало; **с ~ами на лице́** тIонтIро бараб гьумералъул, гьурмада тIипало барав

ВЕСНУ́ ШЧАТ//ЫЙ, -ая, -ое тIонтIрохараб, тIипало бараб; **~ое лицо́** тIонтIрохараб (тIонтIро бараб)гьумер

ВЕСОВО́Й, -а́я, -о́е 1) цIавулаб, цIан (*цIадирабаз*) кьолеб; **~ това́р** цIан кьолеб къайи 2) цIавул; **~ сбор** цIавул хIакъ; **~ ана́лиз** *хим.* цIавулаб анализ

ВЕСОВЩИ́ К *м* весовщик, цIадирабичи

ВЕСОВЩИ́ ЦА *ж* весовщица, цIадираби хIалтIизарулей гIадан

ВЕСО́МЫЙ, -ая, -ое 1) цIайи (бакIлъи) бугеб 2) *перен.* (*значимый*) гIураб, кIвар бугеб

ВЕСТ *м мор.* 1) (*запад, западное направление*) бакътIерхь, бакътIерхьул рахъ 2) *метео* (*западный ветер*) бакътIерхьул гьури

ВЕ́СТЕРН *м* вестерн *(БакътIерхьул Америкаялде тIоцере гIумру гьабизе рачIарал гIадамазул рукIа-рахъин бихьизабулеб литературияб асар (кинофильм)*

ВЕСТИ́ *несов.* 1) *кого-что* бачине; **мать вела́ ребёнка за́ руку** эбелалъ лъимер, квер ккун, бачунеб букIана; **~ войска́ в бой** аскар рагъде бачине 2) *что* (*управлять чем-л.*) бачине; **~ самолёт** самолет бачине 3) *что* (*руководить*) нухда тIамизе, бачине; **~ собра́ние** данделъи нухда тIамизе 4) *что* (*прокладывать*) гьабизе; **~ доро́гу на восто́к** бакъбаккуде нух гьабизе 5) (*иметь то или иное направление*) ине, рачине; **доро́га ведёт к реке́** нух гIурухъе унеб буго, нухлуца гIурухъе рачуна 6) *что* (*осуществлять*) гьабизе; **~ борьбу́ с маляри́ ей** бакъул унтулгун рагъ гьабизе; **~ ми́ рные перегово́ры** ракълилал гара-чIвариял гьаризе ◊ **он не уме́ет ~ себя́** досда хьвада-чIвадизе лъаларо; **ложь к добру́ не ведёт** гьерсица лъикIлъиялде рачунаро

ВЕСТИБЮ́ ЛЬ *м* вестибюль, цеберукъ, кIудияб жанахI

ВЕСТИ́СЬ *несов.* бачун ине, билълъанхъизе, гьабулеб букIине; **веду́тся ми́ рные перегово́ры** ракълилал гарачIвариял гьарулел руго; **так и́здавна ведётся** цебегоялдаса, умумулъанго гьедин гьабулеб буго, билълъанхъизабулеб буго

ВЕ́СТНИК *м* чапар; (хабар, ругьел босун вачIунев чи) нухтIал

ВЕ́СТНИЦА *ж* чапар, хабар, ругьел босун ячIуней (йитIулей) гIадан

ВЕСТОВО́Й *м* 1) сигналчи, хабар лъазабулев чи 2) *воен.* вестовой (*къваригIелалъ дове-гьаниве витIулев чи*)

ВЕ́СТОЧК//А *ж уменьш. от* **весть**[1]**; да́йте о себе́ ~у** нужерго хIакъалъулъ хабар лъазабе (щвезабе); **я получи́л ~у и́з дому** дихъе рокъосан хабар щвана; **~ о побе́де** бергьенлъиялъул хIакъалъулъ хабар; **ра́достная ~** рохалил хабар ◊ **бе́з вести пропа́сть** араб бакI лъачIого, тIагIине

ВЕСТЬ *ж* хабар

ВЕСЫ́ *мн.* цIадираби; **апте́карские ~** аптекалъул цIадираби

ВЕСЬ *мест. определит.* (**вся** *ж*, **всё** *с*, **все** *мн.*) 1. (*целиком*) тIубанго, тIубараб, цадахъго, тIолго, кинабго; **всё ле́то он провёл в дере́вне** тIубараб рии дос росулъ тIамуна; **мир во всём ми́ре** тIолго дунялалдаго рекъел 2. *в знач. сущ.* **все** *мн.* киналго; **все за одного́, оди́ н за всех** киналго цоясе гIоло, цояв киназего гIоло 3. *в знач. сущ.* **всё** щибго, кинабго; **во всём ты ви́дишь плохо́е** сундулъго дуда квешлъи бихьула (щибаб жоялъулъ квешаб рахъ гурони бихьуларо дуда) 4. *в знач. сущ.* **всё** *с*, **все** *мн.* (*как обобщающее слово*) кинабго; **я уложи́л в портфе́ль кни́ги, тетра́ди, уче́бники – всё умести́лось** дица портфелалъур лъуна тIахьал, тетрадал, учебникал — кинабго гьана ◊ **всего́ хоро́шего** лъикIаб бихьаги; **всё равно́** батIалъи гьечIо; **во всех отноше́ниях** кинабго рахъалъ; **лу́чше всего́** бищунго (сундасаго) лъикI; **во ~ опо́р** кIванагIан хех (*бекеризе*); **во весь го́лос** бугеб гьаракьалъ (*ахIун*); **изо всех сил** бугеб къуваталъ ◊ **не все до́ма** *разг.* тIуварав гьечIо (камурав вуго)

ВЕСЬМА́ *нареч.* цIакъ(го), цIакъго цIакъ; **я ~ дово́лен** дун цIакъ рази вуго

ВЕТВИ́СТ//ЫЙ, -ая, -ое гIаркьахараб, гIаркьа-кIичIараб, гIаркьалаби гIемераб; **~ый дуб** гIаркьахараб микк; **~ые рога́ оле́ня** ритIучIалъул гIаркьахарал лълъурдул

ВЕТВИ́ ТЬСЯ *несов.* гIаркьахине, гIаркьалаби риччазе

ВЕТВЬ *ж* 1) (*дерева и т. п.*) гIаркьел 2) (*ответвление*) гIаркьел, чIил

ВЕ́Т//ЕР *м* гьури; **поры́вы ~ра** гьорол речIчIиял; **сла́бый ~ер** загIипаб гьури; **~ер подня́ лся** гьури багъарана (бахъана); **идти́ про́тив ~ра** гьорода данде ине ◊ **как ~ром сду́ло** гьороца босараб гIадин, тIагIана; **броса́ть слова́ на ~ер** ргIи гьородахъ биччазе, тIубаларе ргIи кьезе

ВЕТЕРА́Н *м* ветеран (1 *херлъарав рагъухъан;* 2 *перен. щибниги ишалда гIемераб мехалъ хIалтIарав чи*)

ВЕТЕРИНА́Р *м* боцIул тохтур, хIайвантохтир

ВЕТЕРИНА́РИЯ *ж* ветеринария (*боцIул унтабазул ва гьел сахлъизариялъул гIелму*)

ВЕТЕРИНА́РНЫЙ, -ая, -ое ветеринарияб, ветеринариялъул; **~ врач** боцIул тохтир, хIайвантохтир

ВЕТЕР//О́К *м уменьш. от* **ве́тер** загIипаб гьури ◊ **с ~ко́м** хехго, кIудияб хехлъиялда (*рекIун ине*)

ВЕ́ТК//А *ж* гIаркьел, чIил; **~и ду́ба** миккил гIаркьалаби; **железнодоро́жная ~а** маххул нухлул гIаркьел

ВЕТЛА́ *ж бот.* рицIцIигъотIол цо тайпа

ВЕ́ТО *с нескл.* вето, гьукъи, нахъчIвай; **наложи́ ть ~** вето лъезе, гьукъизе, нахъчIвазе

ВЕТО́ШКА *ж разг.* магъакь-кIачар, чIорто-къоно

ВЕ́ТОШЬ *ж* магъакь-кIачар, чIорто-къоно, басрияб, хохораб ретIел

ВЕ́ТРЕНИК *м разг.* тIадагъав (гьодорав, хIал кколарев) чи

ВЕ́ТРЕНИЦА *ж* тIадагъай (гьодорай, хIал кколарей) гIадан

ВЕ́ТРЕНО 1. *нареч.* (*легкомысленно*) тIадагъго (*хасият*) 2. *в знач. сказ. безл.* гьури буго, пулеб буго; **сего́дня ~** жакъа гьури буго

ВЕ́ТРЕН//ЫЙ, -ая, -ое 1) гьорол(аб), гьури бугеб, гьури пулеб; **~ые дни** гьорол къоял 2) *перен.* (*легкомысленный*) тIадагъав (гьодорав, хIал кколарев) чи

ВЕТРОВ//О́Й, -а́я, -о́е гьорол; **~ой шквал** гьорол речIчIи́; **~о́е стекло́** гьуригьукъ, гьури гьукъулеб цIер (*автомобилалъул ва ц.*)

ВЕТРОДВИ́ ГАТЕЛЬ *м* гьорол двигатель, гьороца хIалтIизабулеб двигатель

ВЕТРЯ́ НКА *ж разг. см.* **ве́тряный**

ВЕТРЯН//О́Й, -а́я, -о́е гьороца хIалтIизабулеб, гьорол; **~а́я ме́льница** гьорол гьобо

ВЕ́ТРЯН//ЫЙ, -ая, -ое: **~ая о́спа** *мед.* гьорол тIадерахъи (*лъималазде бахунеб унти*)

ВЕ́ТХ//ИЙ, -ая, -ое 1) басрияб, чIемегIаб, хохораб 2) (*о человеке*) херав, замагадарлъарав

ВЕТЧИНА́ *ж* кьеккен гьабун бакъвазабураб бохалъул гьан (*болъонил*)

ВЕТША́ТЬ *несов.* чIемегIлъизе, хохозе, басралъизе, херлъизе

ВЕ́Х//А *ж* 1) (*землемерная*) зани, хIуби, гIер *ва ц.* (*гIурхъи, нух бихьизабизе чIвараб*) 2) **~и** *мн. перен.* (*этапы в развитии чего-л.*) заманал; **основны́е ~и ру́сской исто́рии** гIурусазул тарихалъул аслиял заманал

ВЕ́ЧЕ *с ист.* вече (*некIсияб Русалда шагьаралъул гIадамаз гIаммал ишал тIуразелъун гьабулеб букIараб данделъи ва данделъулеб бак1)*

ВЕ́ЧЕР *м* 1) къасимех, маркIачIумех; рукIкIараб мех; сордо; **тёплый ~** хинаб сордо; **под ~** маркIачIуда; **по вечера́м** къаси-къаси 2) вечер; **танцева́льный ~** кьурдул (кьурдабазул) вечер ◊ **до́брый ~** (*приветствие*) сордо лъикIаб батаги

ВЕЧЕРЕ́//ТЬ *несов.* рукIкIине, маркIачIумех (къасимех) щвезе; **~ло** рукIкIунеб букIана, къасимех (маркIачIумех) щолеб букIана

ВЕЧЕРИ´ НК//А *ж* цIадухъчIей, гIодорчIей, вечеринка; **устро́ить ~у** гьитIинабго гIодорчIей гьабизе

ВЕЧЕ́РН//ИЙ, -яя, -ее маркIачIул, къасимехалъул; **~яя газе́та** къасисеб газета; **~ие ку́рсы** къасисел (къаси тIоритIулел) курсал

ВЕ́ЧЕРОМ *нареч.* къаси, маркIачIуда, къасимехалъ; **за́втра ~** метер къаси; **сего́дня ~** къаси

ВЕ́ЧНО *нареч.* (*постоянно, всегда*) кидаго, даимго; **жить ~** даимго гIумру гьабизе (тIамизе); **он ~ недово́лен** дов кидаго рази гьечIого вукIуна

ВЕЧНОЗЕЛЁНЫЙ, -ая, -ое даим гIурччинаб

ВЕ́ЧНОСТЬ *ж* даимлъи, абадул-абад, авал-ахир гьечIеб заман ◊ **ка́нуть в ~** араб рахъ-мухъ лъачIого, тIагIине; лъалкI гьечIого, тIагIине

ВЕ́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*бесконечный*) даимаб, кидагосеб, лъугIи гьечIеб; **~ая мате́рия** даимаб материя; **~ая и´ стина** даимаб хIакъикъат; **~ый лёд** даимаб, кидаго биунареб цIер 2) *разг.* (*постоя´нный*) чIей (къотIи´) гьечIеб, гьоркьоса къотIулареб; **~ые спо́ры** чIей (къотIи´) гьечIел, лъугIиго гьечIел дагIба-къецал ◊ **~ое перо́** холареб перо (*авторучкаялъул*)

ВЕ́ШАЛКА *ж* 1) (*для одежды*) вешалка, ретIел балеб жо 2) (*на одежде*) кIичI 3) *разг.* (*раздевальня*) вешалка (*тIасан ретIел. цIунулеб, балеб бак1)*

ВЕ́ШАТЬ[1] *несов.* 1) *что* базе, дализабизе; **~ бельё** бельё (бусадул къайи-къоно базе (*кварида*) 2) *кого* (*казнить*) гъанкъизе (*кварида ван*) ◊ **~ го́лову** бетIер дализабизе (*ургъелалъ*)

ВЕ́ШАТЬ[2] *несов. кого-что* цIазе (*цIадирабаз*); **~ това́р** къайи цIазе

ВЕ́ШАТЬСЯ[1] *несов.* живго жинцаго гъанкъизе (*кварида ван*) ◊ **~ на ше́ю** *кому-л. разг. неодобр.* рекIун чIезе, горбода далун чIезе (*хIалица жийго йокьизайизе*)

ВЕ́ШАТЬСЯ[2] *несов. разг.* (*взвешиваться*) жинцаго живго цIазе, жиндирго бакIлъи (цIайи) лъазабизе

ВЕ́ШН//ИЙ, -яя, -ее: **~ие во́ды** ихдалил лъинал

ВЕ́ШУ, ВЕ́СИШЬ *и т. д. наст. от* **ве́сить**

ВЕЩА́НИЕ *с* (*по гл.* **веща́ть**) 1) кIалъай, гаргади, бицин (*киназдаго рагIизабун*)

ВЕЩА́ТЬ *несов.* 1) кIалъазе, гаргадизе, бицине, кьезе; **~ по ра́дио** радиоялъ кьезе 2) *уст.* (*предсказывать*) букIинесеб бицине 3) кIудияб къагIидаялъ гаргадизе

ВЕЩЕВ//О́Й, -а́я, -о́е къайидул(аб), къайи лъолеб; **~о́й мешо́к** къайи лъолеб таргъа; **~о́й склад** къайидул склад; **~о́е снабже́ние** къайиялъ (къайиялдалъун) хьезари

ВЕЩЕ́СТВЕНН//ЫЙ, -ая, -ое 1) *филос.* материалияб; **~ый мир** материалияб дунял 2) предметияб, материалияб; **~ый ущёрб** материалияб зарар ◊ **~ое доказа́тельство** хIужжалъун чIолеб предмет

ВЕЩИ́ЗМ *м* буголъиялда хадув лъугьин

ВЕ́Щ//ИЙ, -ая, -ее (*пророческий*) букIинесеб (балъголъи) лъалев; **~ие слова́** букIинесеб бицунел рагIаби

ВЕЩЬ *ж* 1) (*предмет*) жо, предмет 2) *мн.* **ве́щи** жал, къайи; **собра́ть ве́щи** къайи бакIаризе; **доста́вить ве́щи на вокза́л** къайи вокзалалде рехизе (щвезабизе) ◊ **удиви´ тельная ~!** тамашаяб (гIажаибаб) жо! **хорошо́ напи´ санная ~** лъикI хъвараб жо; **называ́ть ве́щи свои´ ми имена́ми** щибаб жоялда жиндирго цIар абизе (хIакъикъат бахчун течIого, бугеб жо абизе)

ВЕ́ЯЛКА *ж с.-х.* кIерело, кIерело-машина (*тIорщел бацIцIад гьабулеб машина*)

ВЕ́ЯНИ//Е *с* 1. (*по гл.* **ве́ять**) 1) (*ветра*) пуй (*гьури*), гьури чIвай 2) *с.-х.* чIвантIи, лал рехи, гьородахъ биччай 2. (*признак чего-л.*) гIаламат (*сундулалиго*); **~е о́сени** хаслихълъиялъул гIаламат 3. *перен.* (*направление*) нух, ккураб нух; **но́вые ~я в литерату́ре** литератураялда жанир цIиял нухал

ВЕ́ЯТЬ *несов.* 1) (*о ветре*) пузе; **ве́тер ве́ет** гьури пулеб буго 2) *что с.-х.* чIвантIизе, лал рехизе, гьородахъ биччазе 3) (*развеваться, реять*) парпадизе; **ве́ют знамёна** байрахъал парпадулел руго 4) *безл.* **ве́ет весно́й** ихдалил гIаламатал тIатунел руго, их бачIунеб букIин бихьулеб буго; **ве́ет прохла́дой** гьогьоми бачIунеб (чIвалеб) буго

ВЖИВА́ТЬСЯ *несов. см.* **вжи´ ться**

ВЖИ´ ТЬСЯ *сов. во что* тIубан лъан, хIал рекъон, ругьунлъизе

ВЗ- (ВЗО-, ВЗЪ-, ВС-) *приставка* 1) *тIаде, эхеде рахъ, нух магIна кьола, мас.*: **взлете́ть** эхеде боржине 2) *иш кинабгIаги бакIалде, хIалалде щвезаби бихьизабула, мас.,* **взболта́ть** кIобокIун жуба-гъубазабизе

ВЗАД *нареч. разг.* нахъехун; **ни ~ ни вперёд** я нахъехун, я цебехун унаро

ВЗАИ´ МНОСТЬ *ж* кIиязулго букIин (*цоцаде, мас. рокьи, хIурмат ва ц.*)

ВЗАИ´ МН//ЫЙ, -ая, -ое кIиязулго цоцаде(хун) бугеб, цоцазе гьабулеб, жидедаго гьоркьосеб; **~ая по́мощь** цоцазе кумек; **~ая любо́вь** цоцаде рокьи

ВЗАИМОВЫ´ ГОДН//ЫЙ, -ая, -ое кIиязего пайдаяб; **~ые экономи´ ческие отноше́ния** кIиязего пайдаял экономикиял гьоркьорлъаби

ВЗАИМОДЕ́ЙСТВИЕ *с* 1) (*влияние друг на друга*) цоцазе асар гьаби; **~ мета́лла с кислото́й** металлалъги кислотаялъги цоцазе асар гьаби 2) (*взаимосвязь*) бухьен, хурхен, цоцалъ ру-хьин; **~ пья´нства и престу́пности** гьекъолдиялъулги такъсирчилъиялъулги бухьен 3) (*взаимная поддержка*) цоцазе кумек гьаби; **~ пехо́ты и артилле́рии** лъелаб аскаралъулги артиллериялъулги цоцазе кумек

ВЗАИМОДЕ́ЙСТВОВАТЬ *несов.* 1) цоцазе асар гьабизе 2) цоцада гьоркьоб бухьен чIезабизе 3) цоцаца кквезе, цоцазе кумек гьабизе

ВЗАИМОЗАВИ´ СИМОСТЬ *ж* цоцада раралъун рукIин

ВЗАИМООТНОШЕ́НИ//Е *с* цоцадехун бугеб гьоркьоблъи (бухьен, хурхен); **~е двух госуда́рств** кIиго пачалихъалъул гьоркьоблъи; **на́ши ~я испо́ртились** нижер гьоркьорлъаби хвана

ВЗАИМОПО́МОЩ//Ь *ж* цоцазе кумек гьаби; **ка́сса ~и** цоцазе кумек гьабулеб касса

ВЗАИМОПОНИМА́НИЕ с цоцада ричIчIи, рагIи данде ккей, хIал рекъей; **ме́жду на́ми дости´ гнуто по́лное ~** нижер тIубанго рагIи данде ккун буго

ВЗАИМОСВЯ´ ЗЬ *ж* цоцада гьоркьоб бухьен, хурхен; гьорлъроси; **ме́жду ни´ми существу́ет ~** гьезда гьоркьоб бухьен буго

ВЗАЙМЫ´ *нареч.* къарзалъ, къарз гьабун, тIад гьабун, налъи гьабун, нахъе кьезегIан (кьезелъун), тIадбуссинабизелъун, нахъ-буссинабизелъун; **дать ~** къарзалъ (тIад гьабун) кьезе; **брать ~** къарзалъ (тIад гьабун, бекIеда) босизе

ВЗАМЕ́Н *нареч. и предлог с род. п.* (*сундулниги*) бакIалда, (*щибниги*) хисун; **что дади´те вы мне ~ э´той кни´ги?** гьаб тIехьалъул бакIалда щиб кьелеб нужеца дие?

ВЗАПЕРТИ´ *нареч.* 1) (*под замком*) рахараб (къараб) бакIалда; **держа́ть ~** рахараб бакIалда цIунизе 2) *перен.* (*в уединении*) халваталда, халваталъуб, янгъизго; **жить ~** халваталда гIумру тIамизе

ВЗА́ПУСКИ *нареч. разг.* цоцалъ къец бан, цоцаздаса бергьинелъун, цере ккезелъун

ВЗАТЯ´ ЖКУ *нареч.*: **кури´ть ~** кIкIуй нахъе цIан, туркIун, хъалиян цIазе (бухIизе)

ВЗАХЛЁБ *нареч. прост.* гъанкъулаго, гIедегIун (*кIалъалеб куц*); **~ хва́лят** шавкъалда, кутакалда беццулеб буго

ВЗАШЕ́Й *нареч. разг.* габур ккун, хъачIго; **вы´ гнать ~** габур ккун, кьватIиве гъезе (горболъ жоги бан, яризавизе)

ВЗБА́ДРИВАТЬ *несов. кого* ракI батизабизе, лебаллъизабизе, тирхизабизе, жигарлъизабизе, тирилъизабизе

ВЗБАЛАМУ´ ТИТЬ *сов.* 1) *что* (*воду*) хIабургъинабизе 2) *кого разг.* (*взбудоражить*) рихха-хочизаризе, лазат бахъизабизе, рахIат хвезабизе

ВЗБА́ЛМОШНЫЙ, -ая, -ое ахIмакъав, тIадагьав, камурав

ВЗБА́ЛТЫВАТЬ *несов. см.* **взболта́ть**

ВЗБЕГА́ТЬ *несов. см.* **взбежа́ть**

ВЗБЕЖА́ТЬ *сов.* гьоркьа тIаде бекеризе; **~ по ле́стнице** болъодухъа тIаде бекеризе

ВЗБЕРУ´ СЬ, ВЗБЕРЁШЬСЯ *и т. д. буд. от* **взобра́ться**

ВЗБЕСИ´ ТЬ *сов. кого* ццидахинабизе, балканахинабизе, тIури бачIинабизе, (щвезабизе)

ВЗБЕСИ́ ТЬСЯ *сов.* 1) (*заболеть бешенством*) тIурул унти- ялъ унтизе, тIури бачIине 2) (*прийти в ярость*) ццидахине, балканахине

ВЗБИВА́ТЬ *несов. см.* **взбить**

ВЗБИРА́ТЬСЯ *несов. см.* **взобра́ться**

ВЗБИТЬ *сов. что* 1) кIутI-кIутIун, бухун понцозабизе, тамах гьабизе; ~ **поду́шку** къандалъо тамахлъизабизе 2) чвалхезабун, багъарун полоп базабизе, боргьинабизе; ~ **я́йца** чвалхезарун ханал полпихинаризе

ВЗБИ́ ТЬСЯ *сов.* (*стать пышным*) боргьине, гьогьлъизе 2) (*вспениться*) полоп базе, полпихине, полпид босун букIине

ВЗБОЛТА́ТЬ *сов. что* чвалхезабун (кIобокIун) жуба-гъубазабизе (*лъамалъи*); ~ **микстýру пе́ред употребле́нием** пайда босилалде, гьекъелалде дарман жуба-гъубазабизе (*чвалхезабун*)

ВЗБРЕСТИ́ *сов. разг.* хIалица вахине; ~ **на́ гору** магIарде хIалица вахине ◊ ~ **на ум (в го́лову)** ботIролъе бачIине

ВЗБУДОРА́ЖИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **взбудора́жить(ся)**

ВЗБУДОРА́ЖИТЬ *сов. кого-что* рахIат хвезабизе, ургъел ккезабизе, рихха-хочи (багъа-бачари) лъугьинабизе, хIалуцинабизе, гIедегIахъдизабизе, ракI хехлъизабизе; ~ **всю семью́** тIубараб хъизаналъулго рахIат хвезабизе

ВЗБУДОРА́ЖИ//ТЬСЯ *сов. разг.* рахIат хвезе, ургъел ккезе, рихха-хочи (багъа-бачари) лъугьине, хIалуцине, гIедегIахъдизе, ракI хехлъизе; ~**лось всё село́** тIубараб росдалго рахIат хвана, тIубараб росулъго багъа-бачари лъугьана

ВЗБУНТОВА́ТЬ *сов.* бунт гьабизе (багъаризабизе), дандечIей гьабизе (багъаризабизе)

ВЗБУНТОВА́ТЬСЯ *сов.* бунт гьабизе, бунталъулъ гIахьалълъизе

ВЗБУХА́ТЬ *несов. см.* **взбу́хнуть**

ВЗБУ́ Х//НУТЬ *сов.* цуризе, понцIозе, гьорозе; **на дере́вьях ~ли по́чки** гъутIбузда букIдул понцIон рукIана

ВЗБУ́ ЧКА *ж разг.* хъачIаб бадибчIвай яги вухи

ВЗВА́ЛИВАТЬ *несов. см.* **взвали́ ть**

ВЗВАЛИ́ТЬ *сов. что* 1) тIаде бегизабизе (бахинабизе); ~ **мешо́к на́ спину** хъап мугъзаде бахинабизе 2) *перен. лъидениги* рехизе, бугъизе; ~ **вину́** гIайиб рехизе, бугъизе; ~ **всю рабо́ту на секретаря́** кинабго хIалтIи секретарасде рехун тезе

ВЗВЕ́СИТЬ *сов.* 1) *кого-что* цIазе *(бакIлъи);* ~ **това́р** къайи цIазе (*цIадирабаз*) 2) *что перен. разг.* пикру (хIисаб) гьабизе; ~ **все обстоя́ тельства** кинабго ахIвал-хIалалъул (киналго шартIазул) пикру (хIисаб) гьабизе

ВЗВЕ́СИТЬСЯ *сов.* цIазе (*живго жинцаго цIадирабаз*)

ВЗВЕСТИ́ *сов. что* борхизе, бахинабизе; ~ **куро́к** (*ружья*) кIанкIичI (гIанкIва, чахъма) бахинабизе 2) (*приписать напрасли-ну*) бугьтан лъезе, гIададисеб гIайиб чIвазе

ВЗВЕ́ШИВАНИЕ *с* (*по гл.* **взве́шивать**) цIай (*цIадирабаз*)

ВЗВЕ́ШИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **взве́сить(ся)**

ВЗВИВА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **взви́ть(ся)**

ВЗВИ́ ЗГИВАТЬ *несов. см.* **взви́згнуть**

ВЗВИ́ ЗГНУТЬ *сов.* чIичIидун гьаракь гьабизе (*цо нухалъ*)

ВЗВИНТИ́ТЬ *сов. кого-что разг.* рахинаризе; ~ **не́рвы** нервал рахинаризе ◊ ~ **це́ны** багъаби эхеде рахинаризе

ВЗВИНТИ́ ТЬСЯ *сов. разг.* дугъдазе, хIалуцине, рахине

ВЗВИ́ НЧИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **взвинти́ть(ся)**

ВЗВИ//ТЬ *сов. что* эхедеги босун, бахънабун, сверизабизе (жемизабизе, ххенезабизе); **ве́тер ~л пыль** гьороца, эхедеги босун, хIур ххенезабуна

ВЗВИ́//ТЬСЯ *сов.* (*взлететь*) эхеде бахъун (боржун), сверизе; **орёл ~лся в не́бо** цIум, эхедеги (зодибеги) бахъун, сверулеб букIана

ВЗВОД[1] *м* 1. (*по гл.* **взвести́**) борхи, бахинаби (*кIанкIичI)* 2. (*приспособление в ударном механизме оружия*) взвод (*кIанкIичI бахинабун чIезабулеб*); **куро́к на ~е** кIанкIичI бахинабун буго ◊ **быть на ~е:** 1) дагъав гьекъон вукIине 2) щцин бахъун вукIине

ВЗВОД[2] *м воен.* взвод; **команди́ р ~а** взводалъул командир

ВЗВОДИ́ ТЬ *несов. см.* **взвести́**

ВЗВОЛНО́ВАННОСТЬ *ж* вихха-хочи, рахIатхвей

ВЗВОЛНО́ВАННЫЙ, -ая, -ое бихха-хочараб, рахIат хвараб; ~ **го́лос** рахIат хвараб гьаракь

ВЗВОЛНОВА́//ТЬ *сов.* 1) *что* багъа-бачаризабизе; **ве́тер ~л мо́ре** гьороца ралъад багъа-бачаризабуна (карачалахинабуна) 2) *кого* рахIат хвезабизе, вихха-хочизавизе; **э́ тот разгово́р ~л его́** гьеб кIалъаялъ досул рахIат хвезабуна

ВЗВОЛНОВА́ТЬСЯ *сов.* 1) (*о море*) багъаризе, карачалахине (*ралъад*) 2) (*встревожиться*) рахIат хвезе, вихха-хочизе, вихха-хочун лъугьине

ВЗВЫТЬ *сов.* 1) (*о животных*) циндаго гIавусдизе, руруй бахъине 2) *разг.* (*заголосить*) угьи (зигар, угьи-зигар) бахъине

ВЗГЛЯД *м* 1) балагьи, бербалагьи; **суро́вый** ~ кьварараб (хъачIаб) балагьи; **обме́ниваться ~ами** цоцада берал речIчIизаризе 2) (*воззрение*) пикру, рекIел хIукму; **расходи́ться во ~ах** цоцазул пикраби данде ккунгутIизе; **каковы́ его ~ы?** досул пикраби кинал ругел? **на ~** балагьараб мехалъ, тIаде (тIасан) балагьун; **ему́ на ~ лет три́ дцать** тIаде балагьун, досул лъеберго сон буго; **на мой ~** дир пикруялда; **влюби́ться с пе́рвого ~а** вихьаравго (йихьарайго) рокьи ккезе

ВЗГЛЯ́ ДЫВАТЬ *несов. см.* **взгляну́ть**

ВЗГЛЯНУ́ ТЬ *сов. на кого-что прям., перен.* балагьизе, бер речIчIизабизе (буссинабизе, кIутIизабизе, кIутIизе); ~ **на не́бо** зодове валагьизе; ~ **на де́ло про́сто** ишалдехун тIадагьго (тIасамасаго) балагьизе

ВЗГРОМОЖДА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **взгромозди́ть(ся)**

ВЗГРОМОЗДИ́ТЬ *сов. кого-что разг.* хIалица *сунданиги* тIаде (борхалъуде) бахинабизе (*щибниги бакIаб жо*); ~ **ве́щи на маши́ ну** машинаялда тIаде къайи бахинабизе

ВЗГРОМОЗДИ́ ТЬСЯ *сов. на что разг.* захIматго, хIалица *сунданиги* тIаде вахине; ~ **на ве́рхнюю по́лку ваго́на** хIалица вагоналъул тIасияб хъорщоде вахине

ВЗГРУСТНУ́ ТЬ *сов. разг.* цодагьав пашманлъизе

ВЗГРУСТНУ́ //ТЬСЯ *сов. разг.* дагьабго ургъел чIвазе; **мне ~лось** дида дагьабго ургъел чIвана

ВЗДВА́ИВАТЬ *несов. см.* **вздвои́ть**

ВЗДВО́ИТЬ *сов. что*: **вздво́и ть ряды́** кьерал кIилъизаризе (*мас., аскаралъул*), кIикьер гьабун, чIезе

ВЗДВОИ́ ТЬ *сов. что* 1) кIибикьизе 2) *с.-х.* кIиабизе бекьизе (бегизе)

ВЗДЁРГИВАТЬ *несов. см.* **вздёрнуть**

ВЗДЁРНУТЫЙ, -ая, -ое эхеде кIичIараб; ~ **нос** эхеде кIичIараб мегIер

ВЗДЁРНУТЬ *сов.* 1) *кого-что разг.* (*поднять вверх*) туркIун тIаде борхизе (бахинабизе); ~ **флаг** байрахъ туркIун борхизе 2) *кого разг.* (*повесить*) кварида ван, гъанкъизе

ВЗДОР *м* чIанда, ахIмакъаб (гьагаб) жо, гьадингояб (жо гуреб) рагIи; **всё э́то ~** гьеб кинабго чIанда буго; **нести́ (моло́ть) ~** чIана бицине (хъуризе), гIантал жал рицине, хъвазе

ВЗДО́РИТЬ *несов. с кем разг.* дагIбадизе, къацандизе; ~ **из-за мелочёй** гIиси-бикъинаб жо сабаблъун, дагIбадизе

ВЗДО́РН//ЫЙ, -ая, -ое 1) ахIмакъаб, гIантаб, гьагаб, жо гуреб, гьересияб, кьваригIел гьечIеб 2) *разг.* (*сварливый*) дагIбадизе, къацандизе, хьандезе, кьваригIел гьечIел жал рицине бокъулев; **~ая стару́ха** дагIбадизе бокъулей херай (кIодо)

ВЗДОРОЖА́ТЬ *сов.*, хиралъизе, багъа (къимат) цIикIкIине (эхеде бахине), багъалъизе

ВЗДОРОЖА́НИЕ *с* (*по гл.* **вздорожа́ть**) хиралъи, багъа (къимат) цIикIкIин (эхеде бахин)

ВЗДОХ *м* хIухьел цIай ва къватIибе биччай (*цо нухалъ*); **глубо́кий ~** гьваридго хIухьел цIай, къватIибе биччай (*цо нухалъ*); **до после́днего ~а** ахирисеб хIухьел цIазегIан, хвезегIан; **испусти́ть после́дний ~** ахирисеб хIухьел биччазе, хвезе

ВЗДОХНУ́ ТЬ *сов.* 1) хIухьел цIазе ва къватIибе биччазе (*цо нухалъ*); **глубоко́ ~** гьваридго хIухьел цIан, къватIибе биччазе (*цо нухалъ*) 2) *разг.* (*передохнуть*) хIухь бахъизе (*цодагьаб*) ◊ ~ **свобо́дно** эркенго хIухьел цIазе, захIматаб хIалтIудаса эркенлъизе; хIинкъиги тIаса ун, гIодове виччазе

ВЗДРА́ГИВАТЬ *несов. см.* **вздро́гнуть**

ВЗДРЕМНУ́ ТЬ *сов. разг.* гъапуллъизе, свадизе, кьижизе *(цодагьалъ);* ~ **часо́к** цо сагIаталъ кьижизе

ВЗДРО́ГНУТЬ *сов.* тIуркIизе

ВЗДУВА́ТЬ[1,2] *несов. см.* **вздуть**[1,2]

ВЗДУ́МА//ТЬ *сов. с неопр.* къасд гьабизе, ракIалде ккезе, бокьизе (*щибниги гьабизе*); **не ~й!** къасд гьабуге! ракIалде ккоге! **не ~й бежа́ть!** лъутизе къасд гьабуге!

ВЗДУ´ МА//ТЬСЯ *сов. безл. кому с неопр. разг.* циндаго пикру ккезе, бачIине; ракIалде ккезе; ботIролъе бачIине; **~лось погуля́ть** тира-сверизе ракIалде ккана

ВЗДУ´ ТИЕ *с* **1.** (*по гл.* **вздуть**[1)] 1) гьорой; **~ живота́** чехь гьорой 2) *перен.* эхеде бахин (борхи, борхизаби, бахинаби), цIикIкIин; **~ цен** багьаби эхеде рахин (цIикIкIин) **2.** (*припухлость*) гьитIинаб гьор (гьорораб бак1)

ВЗДУ´ Т//ЫЙ, -ая, -ое 1) гьорораб, понцIораб, боргьараб, цIутIараб; **~ый живо́т** гьорораб (понцIораб, цIутIараб) чехь 2) (*распухший*) гьорораб 3) *перен.* эхеде борхизабураб, цIикIкIинабураб (цIикIкIараб); **~ые це́ны** цIакъ цIикIкIинарурал багьаби

ВЗДУ//ТЬ[1] *сов. что* 1) (*поднять вверх*) пун эхеде бахъинабизе; **ве́тер ~л пыль** гьороца хIур эхеде бахъинабуна 2) (*увеличить в объеме*) кIодолъизабизе, цIутIизабизе, гьорозабизе, понцIозабизе; **~ть живо́т** чехь понцIозабизе (цIутIизабизе); **у меня́ ~ло щёку** дир кIаркьен гьорон буго 3) *перен. разг.* (*повысить цену*) хиралъизабизе, багьа эхеде бахинабизе, цIикIкIинабизе; **~ть це́ны** багьаби хиралъизаризе (цIикIкIинаризе, эхеде рахинаризе)

ВЗДУТЬ[2] *сов. кого прост.* (*избить*) кутакалда вухизе (кьабизе), вакине, хIур кIутIизе

ВЗДУ´ //ТЬСЯ *сов. разг.* 1) *уст.* (*надуться*) понцIозе, понцIон бачIине; **парусá ~лись от ве́тра** гьороца парусал (дугъал) понцIозарун руго 2) (*вспухнуть*) гьорозе 3) *перен. разг.* (*подняться*) эхеде бахине, цIикIкIине, хиралъизе; **це́ны ~лись** багьаби хиралъана (цIикIкIана, эхеде рахана)

ВЗДЫ´ БИТЬ *сов. кого-что* квачIид бахъинабизе (*чу*)

ВЗДЫ´ БИТЬСЯ *сов.* квачIид бахъине (*чу*)

ВЗДЫ´ БЛИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **вздыбить(ся)**

ВЗДЫМА́ТЬ *несов. что* эхеде бахъинабизе (борхизе); **~ пыль** хIур эхеде бахъинабизе

ВЗДЫМА́ТЬСЯ *несов.* эхеде бахъине

ВЗДЫХА́ТЬ *несов.* 1) хIухьел цIазе 2) *перен. по ком-чем, о ком-чем* инагьдизе, угьдизе; **~ о прошéдшей мóлодости** араб гIолохъанлъиялда хадув инагьдизе

ВЗИМА́НИЕ *с* (*по гл.* **взима́ть**) бахъи, боси; **~ штра́фа** гIакIа бахъи

ВЗИМА́ТЬ *несов. что* бахъизе, босизе; **~ нало́ги** налогал росизе

ВЗИРА́//ТЬ *несов. на кого-что уст.* балагьизе ◊ **не ~я на ли´ца** чиясухъ балагьичIого, гIадан ватIа гьавичIого

ВЗЛА́МЫВАТЬ *несов. см.* **взлома́ть**

ВЗЛЁТ *м* 1. (*по гл.* **взлете́ть**) эхеде боржин 2. *перен.* (*подъем*) цебетIей, эхеде бахин (ин); **~ твóрческой мы´сли** творчествоя-лъулаб пикру цебетIей

ВЗЛЕТА́ТЬ *несов. см.* **взлете́ть**

ВЗЛЕТЕ́//ТЬ *сов.* эхеде боржине**; самолёты ~ли** самолетал эхеде роржана ◊ **~ть на вóздух** (*взорва́ться*) кьвагьун щущазе, гьаваялде ине

ВЗЛЁТНО-ПОСА́ДОЧН//ЫЙ, -ая, -ое: **~ые пóлосы** (*самолетал*) роржунел-решттIунел бетоналъул нухал (мухъал) (*аэродромалда*)

ВЗЛЁТН//ЫЙ, -ая, -ое эхеде боржунеб, бахъунеб; **~ая площа́дка** (*самолетал*) эхеде роржунеб гьитIинаб майдан

ВЗЛОМ *м* (*по гл.* **взлома́ть**) беки, гъури, бекун хвезаби; **~ замка́** кIулал реки (гъури); **кра́жа со ~ом** кIулалги рекун гьабураб цIогь

ВЗЛОМА́ТЬ *сов. что* бекизе, бекизабизе, гъуризе, гъуризабизе, тIетIезабизе, щущазабизе, бекун (гъурун) рахараб бакI рагьизе; **~ дверь** нуцIа бекун рагьизе; **~ оборо́ну проти´вника** тушманасул оборона тIезабизе, биххизабизе

ВЗЛО́МЩИК *м* нуцIа-къоноги гъурун, цIогьодулев чи

ВЗЛОХМА́ТИТЬ *сов. кого-что разг.* гъал-гъализабизе, гьурщ-гьурщизабизе; **~ во́лосы** рас гъал-гъализабизе, гьурщ-гьурщизабизе

ВЗЛОХМА́ЧЕНН//ЫЙ, -ая, -ое гъал-гъализабураб, гьурщ-гьурщизабураб; **~ые во́лосы** гьурщун биччараб рас

ВЗЛОХМА́ЧИВАТЬ *несов. см.* **взлохма́тить**

ВЗМАХ *м* (*по гл.* **взмахну́ть**) хьвагIи; **~ кры´льев** куркьбузул хьвагIи; **~ косы´** харицелалъул хьвагIи; **~ руки´** кверзул хьвагIи´

ВЗМА́ХИВАТЬ *несов. см.* **взмахну́ть**

ВЗМАХНУ´ ТЬ *сов.* хьвагIизе; **~ кры´ льями** куркьбал хьвагIи-зе; **~ руко́й** квер хьвагIизе

ВЗМЕТ//А́ТЬ *сов. что* (*поднять высоко кверху*) эхеде рехизе (борхизе); **ве́тер ~та́л соло́му** гьороца хьутI (солома) эхеде борхана

ВЗМЕТНУ´ //ТЬ *однокор. к* **взмета́ть; пти´ ца ~ла кры´льями** хIанчIица куркьбал эхеде рорхана

ВЗМЕТНУ́//ТЬСЯ *сов.* эхеде рехун (борхун, боржун) ба-чIине (ине); **ракéта ~лась к нéбу** ракета зодихъе боржун ана

ВЗМЕ́ТЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **взметну́ть(ся)**

ВЗМОКА́ТЬ *несов. см.* **взмокну́ть**

ВЗМОКНУ´ ТЬ *сов. разг.* биччизе, кутакалда гIетI базе, гIетIуца бацизе

ВЗМОЛИ´ ТЬСЯ *сов.* гьаризе, гьардезе *(цIакъ); ~* **о пощáде** гурхIел (рахIму, цIоб, аман) гьаризе

ВЗМО́РЬЕ *с* ралъдал ракъдаде къараб бутIа, ралъдал рагIал; **жить на ~** ралъдал рагIалда гIумру гьабизе

ВЗМЫВА́ТЬ *несов. см.* **взмыть**

ВЗМЫ´ ЛЕННЫЙ, -ая, -ое (*о лошади*) полпид босараб, гIетIулъ тIерхьараб (*чу*)

ВЗМЫ´ ЛИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **взмы´лить(ся)**

ВЗМЫ´ ЛИТЬ *сов. кого* полпихинабизе, полоп базабизе, гIетIулъ тIерхьинабизе; **~ коня´ бéшеной ездóй** кутакалда бекеризабиялъ чу гIетIулъ тIерхьинабизе

ВЗМЫ´ ЛИТЬСЯ *сов.* (*о лошади*) гIетIулъ тIерхьине, полоп базе (*чода*)

ВЗМЫ//ТЬ *сов.* эхеде боржине, зодихъе бахине; **самолёт ~л под облака́** самолет накIкIазукье бахана

ВЗНОС *м* 1. (*по гл.* **внести´**) жанибе кьей (*мас., гIарац*); **~ кварти´рной пла́ты** рукъалъул (рукъалъухъ) ужра (хIакъ, мухь) жанибе кьей 2. (*уплаченные деньги*) взнос, хIакъ; **чле́нские ~ы** членхIакъ

ВЗНУЗДА́ТЬ *сов. кого* квелъ (чIолорхъо, чангит) базе

ВЗНУ´ ЗДЫВАТЬ *несов. см.* **взнуздáть**

ВЗО- *приставка,* **й** *гьаркьида, гьединго цо-цо гьаркьикъал гьаркьазул цадахълъиялда цебе* **вз-** *приставкаялъул бакIалда хIалтIизабула, мас.,* **взойти´** эхеде бахине; **взорва́ться** кьвагьизе

ВЗОБРА́ТЬСЯ *сов. на кого-что* эхеде харизе, гъоркьа тIаде вахине; **~ на́ гору** магIарде вахине

ВЗОБЬЮ´, ВЗОБЬЁШЬ *и т. д. буд. от* **взбить**

ВЗОВЬЁТСЯ *буд. от* **взви´ться**

ВЗОЙТИ´ *сов.* 1) эхеде (тIаде) бахине; **~ на го́ру** магIарде тIаде вахине; **~ на ле́стницу** молода тIаде вахине 2) (*о небесных светилах*) баккизе, щвезе; **со́лнце взошло́** бакъ баккана (щвана) 3) (*прорасти*) тIаде баккизе (*бекьараб жо*), чIор биччазе (кIанцIизе); **пшени´ца взошла́** (*бекьараб*) ролъ тIаде баккана 4) (*о тесте*) боргьине; **те́сто взошло́** хамур, реччеб боргьана

ВЗОР *м* балагьи; **устреми´ ть ~** *куда-л.* балагьи (берал) кибехунниги буссинабизе

ВЗОРВА́//ТЬ *сов.* 1) *что* кьвагьизе, кьвагьизабизе, кьвагьун щущазабизе; **~ мост** кьо кьвагьизе (кьвагьун щущазабизе) 2) *кого-что перен. разг.* (*возмутить*) кутакалда ццидахинабизе, ццидаца кьвагьизабизе; **его́ слова́ ~ли меня** досул рагIабаз дун кутакалда ццидахинавуна

ВЗОРВА́//ТЬСЯ *сов.* 1) кьвагьизе, кьвагьун бихъизе, кьвагьун щущазе; **бóмба ~лась** бомба кьвагьана 2) *перен. разг.* (*возмутиться*) ццидахине, ццидаца кьвагьизе

ВЗОШЁЛ, ВЗОШЛА́ *и т. д. прош. от* **взойти´**

ВЗРАСТИ´ ТЬ *сов. кого-что* гIезабизе, хьихьун (хъулухъ гьабун) кIудияб гIезабизе; **~ сады´** ахал гIезаризе

ВЗРА́ЩИВАТЬ *несов. см.* **взрасти´ ть**

ВЗРЕВЕ́//ТЬ *сов.* циндаго чIичIидизе (гIергIедизе, ахIдезе); **ра́неный зверь ~л** лъукъараб хъумур чIичIидана; **челове́к ~л** гIадан гIергIедана (ахIдана)

ВЗРОСЛЕ́//ТЬ *несов.* балугъалъизе, гIезе, кIудияв гIезе; **дочь ~ла** яс гIолей йикIана

ВЗРО́СЛ//ЫЙ, -ая, -ое 1. балугъав, балугълъарав, гIурав; **~ая дочь** гIурай яс 2. *в знач. сущ.* **~ый** *м*, **~ая** *ж* балугъав чи, гIурав чи; гIурай гIадан; **~ые и де́ти** чIахIиялги лъималги

ВЗРЫВ *м* **1.** (*по гл.* **взорва́ть**) кьвагьи, кьвагьизаби, кьвагьун

щущазаби; ~ **мостá** кьо кьвагьи **2.** (*по гл.* **взорвáться**) кьвагьи, кьвагьун бихъ-бихъун ин (*жибго кьвагьулеб жо, мас., бомба*); ~ **бóмбы** бомба кьвагьи **3.** *чего перен.* циндаго хъуй бахъин; ~ **смéха** релъул хъуй (*циндаго*); ~ **аплодисмéнтов** хъатчIваялъул хъуй *(циндаго)*

ВЗРЫВÁТЕЛЬ *м воен.* граната (мина, бомба) кьвагьизабулеб алат

ВЗРЫВÁТЬ[1] *несов. см.* **взорвáть**

ВЗРЫВÁТЬ[2] *несов. см.* **взрыть**

ВЗРЫВÁТЬСЯ *несов. см.* **взорвáться**

ВЗРЫВНИ´К *м* взрывник, кьвагьизабиялъул специалист

ВЗРЫВН//О́Й, -áя, -óе 1) кьвагьул; **~ая си´ла бомбы** бомбаялъул кьвагьиялъул къуват; **~ые рабóты** кьвагьун гьарулел хIалтIаби; **~ая волнá** кьвагьул карачел (кьвагьиялъ лъугьинабураб гьаваялъул карачел) 2) кьвагьун бихъулеб

ВЗРЫВООПÁСНОСТЬ *ж* кьвагьиялда хIинкъи букIин

ВЗРЫ´ВЧАТ//ЫЙ, -ая, -ое кьвагьулеб, кьвагьизабулеб, кьвагьи ккезабулеб (*щибниги жо* кьвагьизе хIалтIизабулеб); **~ые веществá** кьвагьи ккезабулел жал, кьвагьулел жал

ВЗРЫТЬ *сов. что* бухъизе (тIаса), гьобогьун базе; ~ **зéмлю** ракь бухъизе (гьобогьун базе)

ВЗРЫХЛИ´ТЬ *сов. что* гьогьлъизабизе; ~ **пóчву** ракь гьогьлъизабизе

ВЗРЫХЛЯ´ТЬ *несов. см.* **взрыхли´ть**

ВЗЪ- *приставка,* е, ю, я *хIарпазда цебе* ***вз-*** *приставкаялъул бакIалда хъвалеб, мас.*: **взъяриться** кутакалда ццидахине, балканахине

ВЗЪЕРÓШИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **взъерóшить(ся)**

ВЗЪЕРÓШИ//ТЬ *сов. что разг.* жуба-гъубазабизе (*рас*), хичизабизе, хич-хичизабизе; **он ~л мóкрые вóлосы** дос биччараб рас гьурщун биччана

ВЗЪЕРÓШИТЬСЯ *сов. разг.* жуба-гъубазе (*рас*), хич-хичизе

ВЗЪЁСТЬСЯ *сов. на кого-что разг.*: ~ *на кого-л. лъидениги* хьандезе, ццин бахъине, къварид гьавизе

ВЗЫВÁТЬ *несов. к кому-чему сунденигu* ахIизе, гьаризе, гьари базе, гьарун ине; ~ **о пóмощи** кумек гьаризе; ~ **к справедли´вости** ритIухълъиялде ахIизе

ВЗЫСКÁНИЕ *с* 1. (*по гл.* **взыскáть**) тIалаб гьаби, бахъи 2. (*наказание*) гIакIа бахъи, гIакIа, жаза; **наложи´ть ~** жаза гьабизе

ВЗЫСКÁТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое кьварараб, кьварун тIалаб (цIех-рех) гьабулеб; **~ый кри´тик** кьварарав критик; **быть ~ым к себé** жиндидехунго цIикIкIараб тIалаб бугевлъун вукIине

ВЗЫСКÁТЬ *сов.* 1) *что с кого* тIалаб гьабизе, бахъизе; ~ **штраф** гIакIа бахъизе 2) *с кого-чего за что* (*подвергнуть наказанию*) жаза гьабизе; **строго ~** *с кого-л. лъиениги* жаза гьабизе, *лъидасаниги* кьварун тIалаб гьабизе

ВЗЫ´СКИВАТЬ *несов. см.* **взыскáть**

ВЗЫЩУ´, ВЗЫ´ЩЕШЬ *и т. д. буд. от* **взыскáть**

ВЗЯ́ТИЕ *с* (*по гл.* **взять**) 1) боси 2) бахъи; ~ **влáсти** власть (хIакимлъи, кверщел) бахъи; ~ **крéпости** хъала бахъи; ~ **прóбы** хIалбихьиялъе *сундулниги* гьитIинаб бутIа боси

ВЗЯ´ТК//А *ж* 1) (*подкуп*) ришват; **брать ~и** ришватал росизе; **дать ~у** ришват кьезе 2) *карт.* чIвараб кагъат ◊ **с негó ~и гла́дки** гьесдасан щибниги (ганчIидаса тIотIоегIанги) пайда гьечIо

ВЗЯ´ТОК *м* (*добыча пчелы*) цо ворженалда найица тIогьодаса босулеб (бакIарулеб) жо; цо хасаб заманалда тIалинибе бачIараб гьоцIо

ВЗЯ´ТОЧНИК *м* ришватчи

ВЗЯ´ТОЧНИЧЕСТВО *с* ришватчилъи

ВЗЯТЬ *сов. кого-что* 1) босизе; ~ **дéньги** гIарац босизе 2) бахъизе, кодобе босизе; ~ **крéпость** хъала бахъизе 3) *разг.* (*арестовать*) ккезе, ккун жанив лъезе; ~ **вóра** цIогьор ккезе; ~ **зá руку** квер ккезе ◊ **ни дать ни ~** я тIад лъезе, я тIаса босизе гьечIеб (цIакъ релъулъараб); ~ **дéло в свои´ ру́ки** иш жиндаго кодобе босизе; ~ **свои´ слова́ обрáтно** жиндирго рагIаби нахъе росизе (*абуралда рекIекълъун*); ~ **верх** бергьине, хIал цIикIкIине (*лъидасаниги*); ~ **за гóрло** шекъер ккезе

ВЗЯ´//ТЬСЯ *сов.* 1) *за кого-что* ккезе, ккун чIезе; ~ **за верёвку** квар ккезе; ~ **зá руки** кверал ккезе (*цоцазул*) 2) *с неопр.* (*обязаться*) тIаде босизе; **он ~лся сдéлать доклáд** дос доклад гьабизе тIаде босана 3) **откýда у тебя´ ~лáсь э´та кни´га?** гьаб тIехь киса духъе щвараб? ◊ **откýда ни возьми´сь** киса-нали лъачIого, тохлъукье

ВИАДУ´К *м* кьо (*гъваридаб кIкIалалда тIасан лъураб*)

ВИБРÁТОР *м тех.* вибратор (*жинца сороди лъугьинабулеб алат*)

ВИБРÁЦИЯ *ж* сороди; ~ **сýдна** гамил сороди

ВИБРИÓН *м* вибрион (*бактериязул цо тайпа*)

ВИБРИ´РОВАТЬ *несов.* сородизе; **гóлос ~** гьаракь сородизе

ВИД[1] *м* 1) (*внешность*) сипат, сурат, сипат-сурат, куц-мухъ, къватIисеб (тIаде ралагьун бихьулеб) сурат (куц); **у негó здорóвый ~** досул куц чорхолъ витIарав чиясул буго, дов чорхолъ витIун (тIад витIун) вуго; **вáжный ~** чIухIараб, гIамал кIудияб куц-мухъ; **с незави´симым ~ом** эркенаб куцалда; **в пья´ном ~е** мехтун, мехтизеги мехтун 2) сурат; **альбóм с ~ами Кавкáза** Кавказалъул суратал ругеб альбом; ~ **из окнá** гордухъан бихьулеб сурат (*тIабигIаталъул ва ц.*) 3) (*поле зрения*) бихьулеб (бер щолеб) бакI; **скры´ться и´з ~у** берзукьа тIагIине, бахчизе; **на ~ý у всех** киназулго берзукь (*бихьулелъуб*) 4) *мн.* **~ы´** (*предположения*) гьадин букIинилан ракIалъ хIисаб гьаби; **~ы´ на урожáй** букIинесеб бачIиналъул цебеккунго тIаде балагьун гьабулеб хIисаб-суал ◊ **емý на ~ лет сóрок** тIаде балагьун досул кIикъого сон буго; **в ~е** *чего-л. щибниги жо* хIисабалда; **для ~а** бихьизелъун, рихьдае; **на ~, по ~у, с ~у** тIаде балагьун; **дéлать ~** хвел гьабизе; **быть на ~ý** беразда цебе (бихьулелъуб, бихьулеб бакIалда) бу-кIине, цебехъахъдизе; **имéть в ~ý** *кого-что-л.* ракIалда чIезабизе, хIисабалде босизе, пикру кьезе; **имéться в ~ý** ракIалда букIине; **ни под каки´м ~ом** щиб багьана батаниги, кинаб шартI бугониги; **теря´ться и´з ~у** берзукьа борчIизе (тIагIине, билизе); **упусти´ть и´з ~у** пикру щвечIого хутIизе, гьоркьоб биччан тезе

ВИД[2] *м в разн. знач.* тайпа; ~ **орýжия** яргъил тайпа; **~ы растений** хурдузул тайпаби; ◊ ~ **глагóла** глаголалъул вид

ВИДÁ//ТЬ[1] 1. *несов. разг. см.* **ви´деть**; *с отриц.*: **потóм мы егó не ~ли** хадув нижеда дов вихьичIо ◊ **видáл?** бихьаниц? бихьулищ?

ВИДÁТЬ[2] **1.** *в знач. сказ. безл. прост.*: **парохóда не ~** гама бихьулеб гьечIо **2.** *в знач. вводн. сл.* бихьула; **~, хорóшая у тебя´ женá** бихьула, дур чIужу лъикIай йиго

ВИДÁТЬСЯ *несов. разг.* дандчIвазе, цоцада рихьизе

ВИ´ДЕНИЕ *с* бихьи, бихьун бажари

ВИДÉНИЕ *с* макьилъ, хиялазулъ, анищазулъ цебе тIамураб жо, цебе тIами, хиялияб сурат, берда цере суратал лъугьин, фантастикияб сурат цебе чIей

ВИДЕОЗÁПИСЬ *ж* видеозапись (*видеомагнитофоналъул лентаялда хъвараб жо*)

ВИДЕОМАГНИТОФÓН *м* видеомагнитофон

ВИ´ДЕОСВЯ´ЗЬ *ж* видеобухьен (*телевидениялъул яги видеотелефоналъул кумекалдалъун гьабулеб бухьен*); **~ с косми´ческими объéктами** космосалъулал объектазулгун видеобухьен

ВИДЕОСИГНÁЛ *м* видеосигнал

ВИДЕОТЕЛЕФÓН *м* видеотелефон (*кIалъалел цоцада рихьизарулеб телефон*)

ВИ´ДЕТЬ *несов.* 1) бихьизе; **я хорошó ви´жу** дида лъикI би-хьула 2) *кого-что* (*встречать*) дандчIвазе, бихьизе; **вчерá ви´дел егó два рáза** дида дов сон кIицIул дандчIвана (вихьана); **я ви´дел в жи´зни мнóго хорóших людéй** дида гIумруялда гIемерал лъикIал гIадамал дандчIвана (рихьана) 3) *что* (*испытать*) лъазе, бихьизе; **мнóгое я ви´дел на своём векý** дир гIумруялда дида гIемер жо бихьана (лъана) 4) (*сознавать*) бичIчIизе, бихьизе, лъазе; **я ви´жу свою´ оши´бку** дида дирго гьалатI бичIчIула (лъала, бихьула); **я не ви´жу в э´том ничегó плохóго** дида гьениб щибниги квешаб жо бихьулеб гьечIо; ~ *в чем-л.* **своё призвáние** *сунде* (*щиб ишалде*) жиндирго гьетIи (цIай) бугебали лъазе ◊ **ви´дишь ли, ви´дите ли** *вводн. сл.* бихьулищ; **как ви´дите** бихьулеб буго(ха)

ВИ´Д//ЕТЬСЯ *несов.* 1) *с кем* (*встречаться*) рихьизе (*цоцада*), дандчIвазе; **мы чáсто ~имся** ниж гIемер дандчIвала 2) (*представляться воображению*) цебе чIезе (*пикруялъулъ*); **емý уже́**

~ится по́лный успе́х де́ла пикрабалъ досда цебе чIун букIана ишалъул тIубараб бергьенлъиги

ВИ́ДИМО *вводн. сл.* … батила, … ккола, … бегьула; **он, ~, заде́ржится ещё на час** дов цоги сагIаталъ кватIизе бегьула; **он, ~, не придёт** дов вачIинарин ккола

ВИ́ ДИМО-НЕВИ́ ДИМО *нареч. разг.* цIакъ гIемер, рикIкIун хIал кIоларебгIан; **наро́ду бы́ ло** ~ цIакъ гIемер халкъ букIана

ВИ́ДИМОСТ//Ь *ж* 1) бихьи; **хоро́шая ~ь** лъикI бихьи, бихьулеб букIин 2) (*подобие*) тIаса (къватIисеб) рахъ релъльи; **э́то то́лько одна́ ~ь** гьеб ххвел буго; **для ~и** ххвалие, уян ккезе, рихьдае

ВИ́ ДИМ//ЫЙ, -ая, -ое 1) бихьулеб, берда бихьулеб, тIатараб; **без вся́кой ~ой причи́ны** кинабгIаги бихьулеб гIилла гьечIого 2) (*кажущийся*) тIасан бихьулеб, бугеб гIадин кколеб, рихьдае (уян ккезе) бугеб; **~ая весёлость** рихьдае гьабулеб аваданлъи

ВИДНЕ́//ТЬСЯ *несов.* бихьулеб букIине; **вдали́ ~лись го́ры** рикIкIада мугIрул рихьулел рукIана; **чуть ~ться** дагьабго (хIаллицаго) бихьулеб букIине

ВИ́ ДНО 1. *в знач. сказ. безл.* бихьулеб буго; **~ всю́ дере́вню** (гьанисан) тIубараб росу бихьулеб буго; **его́ нигде́ не** ~ дов кивниги вихьулев гьечIо 2. *в знач. вводн. сл.* бихьула, бихьулеб буго; **он, ~, не придёт** бихьулеб буго, дов вачIине гьечIо ◊ **ни зги не** ~ щибниги бихьулеб гьечIо

ВИ́ДН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*заметный*) бихьулеб; **на ~ом ме́сте** бихьулеб бакIалда 2) *перен.* (*известный*) машгьураб, цIар араб, киназдаго лъалеб; **~ый учёный** машгьурав гIалимчи 3) *перен. разг.* (*рослый*) чергесаб, беричаб, базалияб; **~ый па́рень** базалияв вас

ВИДОВ//О́Й[1], -а́я, -о́е суратазул(аб); **~ые фи́льмы** суратазул(аб) фильм

ВИДОВ//О́Й[2], -а́я, -о́е 1) *грам.* (*в научной классификации*) видалъулаб; **~ые разли́чия глагола** глаголалъул видалъулал батIалъаби 2) *биол.* тайпаялъулаб; **~ой при́знак** тайпаялъулаб гIаламат (гIуж)

ВИДОИЗМЕНЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **видоизмени́ ть**) куц (сурат, сипат, тайпа) хисизаби (батIалъизаби) **2.** (*по гл.* **видоизмени́ться**) куц (сурат, сипат, тайпа) хиси (батIалъи); **~ расте́ний** харил тайпа хиси **3.** (*разновидность*) *сундулниги* кIиабилеб (батIияб) сурат (вариант)

ВИДОИЗМЕНИ́ ТЬ *сов. что* куц (сурат, сипат, тайпа) дагьаб хисизабизе (батIалъизабизе, батIайиса гьабизе)

ВИДОИЗМЕНИ́ ТЬСЯ *сов.* куц (сипат, сурат, тайпа) дагьаб хисизе (батIалъизе, батIайиса лъугьине)

ВИДОИЗМЕНЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **видоизмени́ть(ся)**

ВИДОИСКА́ТЕЛЬ *м фото* видоискатель (*фото- ва кино-аппараталъул кадралъул гIурхъи чIезабулеб бутIа*)

ВИ́ ДООБРАЗОВА́НИЕ *с биол.* тайпаби лъугьин

ВИ́ДЫВА//ТЬ *несов. разг.* бихьизе; **~л ли ты что́-нибудь подо́бное?** гьединаб (гьелда релъльараб) щибниги жо бихьанищ дуда?

ВИ́ ЖУ(СЬ), ВИ́ ДИШЬ(СЯ) *и т. д. наст. от* **ви́ деть(ся)**

ВИ́ З//А *ж* 1) виза (*жиндихъе бачIараб документалда тIад хIакимас, хъулухъчияс гьабулеб къокъаб хъвай-хъвагIай, шара, гIуж*); **ста́вить ~у** *см.* **визи́ ровать** 2) виза, изну, рухса (*кинаб бугониги пачалихъалде ине яги гьениса нахъе ине изну кьей баян гьабун, паспорталда тIад гьабулеб хъвай-хъвагIай*); **~а на въезд** (*пачалихъалда*) жаниве вачIине виза (изну, рухса); **~а на вы́ езд** (*пачалихъалдаса*) къватIиве ине виза (изну, рухса); **отказа́ть** *кому-л.* **в ~е** *лъиениги* виза кьезе инкар гьабизе

ВИЗАВИ́ 1. *нареч.* данде-данде; руссун **сиде́ть** ~ данде-данде руссун, гIодор чIезе **2.** *м, ж нескл.* дандвитIун гIодов яги вахъун чIарав чи; **мой** ~ дида дандвитIун чIарав чи

ВИЗГ *м* чIичIиди, гIергIеди

ВИЗГЛИ́ ВЫЙ, -ая, -ое чIичIидулеб; ~ **поросёнок** чIичIидулеб болъонил тIинчI; ~ **го́лос** рокьукъаб гьаракь, чIичIидун гьабулеб гьаракь

ВИЗИ́РОВАТЬ *сов. и несов. что* виза лъезе, изну (рухса) кьезе; ~ **па́спорт** паспорталда виза лъезе

ВИЗИ́ РЬ *м* визирь (*цо-цо бакъбаккул улкабазда министр, тIадегIанаб даражаялъул чи*)

ВИЗИ́Т *м* визит, *лъиде бугониги* тIаде ин *(гIемерисеб мехалъ официалияб куцалда*); **нанести́** ~ визит гьабизе, тIаде ине; ~ **врача́** тохтурасул визит, унтарасухъе тохтир вачIин

ВИЗИ́ ТН//ЫЙ, -ая, -ое визиталъулаб; **~ая ка́рточка** визит (визиталъулаб) карточка

ВИЗУА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое *спец.* берзулаб; **~ое наблюде́ние** берзулаб халкквей

ВИ́ КА *ж бот.* полох

ВИКТОРИ́ НА *ж* (*игра*) викторина

ВИ́ ЛКА *ж* 1) (*для еды*) гIучI (*кванил*) 2) *тех.* вилка; **ште́псельная** ~ штепселалъул вилка

ВИ́ ЛЛА *ж* вилла (*шагьар тун къватIибехун чIухIизабун бараб мина*)

ВИЛО́К *м разг.* капустаялъул бетIер

ВИ́ Л//Ы *мн.* лъен ◊ **~ами по воде́ пи́ сано** лъетIа накъищал рахъун руго; гьединищ, гурищали хадуб лъала

ВИЛЬНУ́ ТЬ *однокор. к* **виля́ ть I,2**

ВИЛЯ́ //ТЬ *несов.* 1) *чем* хьвагIезабизе; **соба́ка ~ет хвосто́м** гьойца рачI хьвагIезабулеб буго 2) (*извиваться*) кIичIадизе, кIичIадахъдизе; **доро́га ~ла ме́жду холмо́в** нух гохIазда гьоркьосан кIичI-кIичIун унеб букIана 3) *перен. разг.* (*уклоняться от ответа*) битIараб жавабалдаса ворчIизе жигар бахъизе

ВИН//А́ *ж* 1) гIайиб, такъсир; **загла́дить свою́ ~ у́** жиндирго гIайиб бацIцIине (тIаса ккезабизе, битIа-бишизабизе); **призна́ть свою́ ~у** жиндирго гIайибалъе мукIурлъизе; **э́ то не по мое́й ~е́** гьеб дир гIайибалдалъун гуро ккараб 2) (*причина*) гIилла *(лъикIаб гуреб жояльe); ~о́ю э́ тому – отец* гьелъие гIилла – эмен, гьелъул гIайибияв – эмен

ВИНЕГРЕ́Т *м* 1) (*кушанье*) винегрет 2) *перен. разг.* жубагъубараб жо, хIапу-чапур; **у него́ в голове́** ~ досул ботIролъ хIапу-чапур буго

ВИНЗАВО́Д *м* (*винный завод*) чогърол (чагъиралъул) завод

ВИНИ́ТЬ *несов. кого-что* 1) *в чем* гIайиб чIвазе (гьабизе, тIад чIезабизе), гIайибиявлъун рикIкIине; **во всём ~ самого́ себя́** киналъулго гIайиб жиндего рехизе, киналъулго гIайибиявлъун живго рикIкIине 2) *за что разг.* (*упрекать*) бадиб чIвазе, бадибчIвай (гIайиб) гьабизе; **не вини́ меня́ за опозда́ние** кватIиялъухъ (кватIунилан) дие бадибчIвай гьабуге

ВИНИ́ ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое: ~ **паде́ж** *грам.* винительный падеж (*битIараб дополнениялъул падежияб форма*)

ВИ́ НН//ЫЙ, -ая, -ое чогърол, чагъиралъул, жадул; **~ый за́пах** чогърол (чагъиралъул, жадул) махI; **~ый спирт** чогърол (жадул) спирт; **~ая буты́ лка** чагъиралъул шиша ◊ **~ая я́ года** инжир

ВИНО́ *с* 1) чагъир, жа; **кра́сное** ~ багIараб чагъир (жа) 2) *простор. разг.* (*водка*) гIаракъи

ВИНОВА́ТО *нареч.*: ~ **улыбну́ться** намусго (гIайибалъе мукIурго) гьимизе

ВИНОВА́Т//ЫЙ, -ая, -ое 1) гIайибияб, такъсирияб, гIайиб (такъсир) бугеб; **я ~а пе́ред ва́ми** дун нужеда цее гIайибияй йиго 2) (*выражающий вину*) гIайибалъе мукIураб; **с ~ым лицо́м** гIайибалъе мукIураб гьумергун ◊ **винова́т!** гIайиб гьабуге! тIаса лъугьа!

ВИНО́ВНИК *м* гIайибияв (чи), *сундуениги* гIиллалъун (сабаблъун) ккарав чи; ~ **преступле́ния** такъсиралъе гIайибияв; ~ **торжества́** *шутл.* рохел-аваданлъиялъул гIайибияв

ВИНО́ВНИЦА *ж* гIайибияй

ВИНО́ВНОСТ//Ь *ж* такъсирчилъи; **установи́ть** ~ такъсирчилъи чIезабизе; **сте́пень ~и** такъсирчилъиялъул даража

ВИНО́ВН//ЫЙ, -ая, -ое 1. гIайибияб, такъсирияб; **призна́ть** *кого-л.* **~ым** *щивниги* гIайибиявлъун (такъсириявлъун) рикIкIине 2. *в знач. сущ.*: **~ый** *м* гIайибияв; **~ый созна́лся** гIайибияв мукIурлъана 3. *в знач. сущ.* **~ая** *ж* гIайибияй

ВИНОГРА́Д *м* цIибил

ВИНОГРА́ДАРСКИЙ, -ая, -ое цIолбохъанлъиялъул

ВИНОГРА́ДАРСТВО *с* 1) (*разведение винограда*) цIолбохъанлъи, цIолбол магIишат (ахихъанлъи) 2) (*раздел науки*) цIолбол биологиял хаслъабазул хIакъалъулъ гIелму

ВИНОГРА́ДАРЬ *м* цIолбол ахихъан, цIолбохъан

ВИНОГРА́ДИНА *ж* цIолбол кIоркIона, кIолкIона (горо)

ВИНОГРА́ДНИК *м* цIолбол ах

ВИНОГРА́ДНЫЙ, -ая, -ое цIолбол(аб); **~ сок** цIолбол лъим (тIокIкIел, сок)

ВИНОДЕ́Л *м* чагъир (жа) гьабулев (бахъулев) чи, чогърохъан

ВИНОДЕ́ЛИЕ *с* чагъир (жа) гьаби, чагъир бахъи

ВИНОДЕ́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое, **винодéльческий,** -ая, -ое чагъир (жа) гьабиялъул (бахъиялъул)

ВИНОКУ´Р *м* спирт ва гIаракъи бахъулев чи

ВИНОКУРЕ́НИЕ *с* спирт ва гIаракъи бахъи (*тIорщалил, картошкаялъул ва ц.*)

ВИНОКУ́РЕННЫЙ, -ая, -ое спирт, (чагъир, гIаракъи) бахъулеб, гьабулеб; **~ завóд** чогърол завод

ВИНТ[1] *м* 1) бурав; **голóвка ~а** буравалъул бетIер 2) (*судна, самолета и т. д.*) винт, раква (*гама ялъуни самолет хIалтIиялъе хIосида тIад тирулеб цулияб раква*); **гребны́е ~ы** лъим халел винтал (ракваби)

ВИНТ[2] *м карт.* винт (*кагътаз хIаялъул цо къагIида*)

ВИ́НТИК *м уменьш. от* **винт**[1] ◊ **у негó ~ов в голове́ не хватáет** тIубачIев, камурав вуго дов

ВИНТО́ВКА *ж* туманкI

ВИНТОВ//О́Й, -а́я, -о́е 1) резьба, (кьурараб гIанлъи) бахъараб; буравалъул формаялъул; **~а́я наре́зка** буравалъул гIадаб гIанлъи бугеб; **~а́я ле́стница** кьуризабун гьабураб болъо 2) (*приводимый в движение винтом*) винталъ (ракваялъ) бачунеб; **~о́й пароход** винталъ (ракваялъ) бачунеб гама

ВИНТО́ВОЧНЫЙ, -ая, -ое тункIил; **~ патро́н** тункIил патрон

ВИНТООБРА́ЗНЫЙ, -ая, -ое бурав гIадаб, буравалда релълъараб

ВИНТОРЕ́ЗНЫЙ, -ая, -ое *тех.* бурав гьабизе (бахъизе) къваригIунеб; **~ый станóк** бурав (резьба) бахъулеб станок

ВИНЬЕ́ТКА *ж* виньетка (*тIехьалъул ахада, бетIералда яги тIехьалъул хасаб бутIаялъул бетIералда гьабулеб сурат, накъиш*)

ВИОЛОНЧЕЛИ´СТ *м* виолончелист (*виолончель хъвалев, бачунев чи*)

ВИОЛОНЧЕЛИ´СТКА *ж* виолончелистка (*виолончель хъвалей, бачуней гIадан*)

ВИОЛОНЧЕ́ЛЬ *ж муз.* виолончель (*чагъана гIадин бачунеб кIудияб музыкалияб алат*)

ВИРА́Ж[1] *м* (*поворот*) вираж, свери (*боржунеб самолет, цо рахъалдеги гьетIун, свери, автомобиль, велосипед ва ц. битIараб нухдаса свери*); **круты́е ~и** кьурун руссарал (лабалал) виражал (свераби)

ВИРА́Ж[2] *м фото* вираж (*фотосураталъул хасаб кьер лъугьинабизе хIалтIизабулеб раствор*)

ВИРТУО́З *м* виртуоз (*жиндирго искусствоялъул техника, гьединго жиндирго иш цIакъ лъикI лъалев чи*), бергьараб гьуналъул махщалилав

ВИРТУО́ЗНОСТЬ *ж* виртуозлъи (*бергьун цIикIкIараб махщел, гьунар букIин*)

ВИРТУО́ЗН//ЫЙ, -ая, -ое виртуозияб (*цIакъ цIикIкIараб махщалилаб, бергьун кIудияб гьунаралъулаб, цIакъ лебалаб*); **~ая игра́ на скри́пке** цIакъ цIикIкIараб махщалида чагъана хъвай

ВИРУЛЕ́НТНОСТЬ *ж мед.* рахунел унтабазул микробаз унтизарулеб къагIида, унтабазул хаслъаби

ВИРУЛЕ́НТНЫЙ, -ая, -ое *мед.* вирусаз (микробаз) унтизарулеб, унти бахинабулеб

ВИ´РУС *м* вирус (*цIакъ гьитIинаб унти бахинабулеб микроорганизм*)

ВИ́РУСН//ЫЙ, -ая, -ое вирусалъул; **~ые болéзни** вирусиял унтаби, вирусаз лъугьинарулел унтаби

ВИРУСОЛО́ГИЯ *ж* вирусология (*вирусазул хIакъалъулъ гIелму*)

ВИ´СЕЛИЦА *ж* гIадамал дализарун гъанкъизе чIварал хIубал (гIурдул)

ВИС//Е́ТЬ *несов.* дализе, *сунда бугониги* бан букIине; **карти́на ~и´т на стене́** сурат къеда бан буго ◊ **~е́ть на ше́е** *у кого-л. лъилниги* горбода ваччун вукIине (*хIалтIичIого*); **над ним ~и´т опáсность** досие хIинкъи буго; **~е́ть на ни´ точке** хIинкъараб хIалалде ккезе, квасул кунада ван хутIизе; **~е́ть в во́здухе** мухIканлъи гьечIого букIине

ВИСКО́ЗА *ж* 1) *тех.* выскоза 2) (*ткань*) вискоза, вискозаялъул ххам

ВИСКО́ЗНЫЙ, -ая, -ое вискозаялъул; **~ый шёлк** вискозаялъул дарай

ВИСЛОУ´ХИЙ, -ая, -ое 1) гIундул далараб; **~ая соба́ка** гIундул далараб гьой 2) гIантмахIав, вагъарун вахъунарев

ВИ´СМУТ *м* висмут (*хим. элемент, металл*)

ВИ́СН//УТЬ *несов.* (*свисать*) дализе, дал-дализе; **во́лосы ~ут на лоб** рас надалде далун буго ◊ **~уть на ше́е** горбода рекIун вукIине

ВИСО́К м къванща; къванщибакI; **уда́рить в ~** къванщибакIалда кьабизе

ВИСОКО́СНЫЙ, -ая, -ое: **~ год** кабасияб сон (*366 къо бугеб лъагIел, февралалъул 29 къо бугеб*)

ВИСО́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое къванщил; **~ая кость** къванщил ракъа

ВИСЯ´Ч//ИЙ, -ая, -ее далараб, дал-далараб; **~ая ла́мпа** далараб чирахъ; **~ий замо́к** (ралел) кIулал

ВИТАМИНИЗИ́РОВАННЫЙ, -ая, -ое витаминал гъорлъе гьабураб; **~ шокола́д** витаминаздалъун хьезабураб шоколад

ВИТАМИНИЗИ́РОВАТЬ *сов. и несов. что* витаминал гъорлъе гьаризе

ВИТАМИ´ННЫЙ, -ая,-ое витаминалъул

ВИТАМИ´НЫ *мн.* (*ед.* **витами´н** *м*) витаминал (*черхалъе гьечIого гIоларел, кванилъ рукIине кколел жалазул цоял*)

ВИТА́//ТЬ *несов. ирон.* женжедизе, сверсведизе (борхалъуда, гьаваялда, рикIкIада); **мы´сли его́ ~ли далеко́** досул пикраби рикIкIаде ун рукIана ◊ **~ть в облака́х** нилъедаса ине, анищазда вукIине

ВИТИЕВА́Т//ЫЙ, -ая, -ое гIадатаб гуреб, бичIчIизе захIматаб, чIухIараб (пасихIаб) стилалъул *(каламалъул хIакъалъулъ);* **~ая речь** чIухIараб (пасихIаб) калам

ВИТ//О́Й, -а́я, -о́е 1) кьурараб, кьурун гьабураб, хьухьараб; **~а́я бу́лка** кьурараб булка; **~о́й по́яс** хьухьун гьабураб рачел; **~ая верёвка** кьурараб квар 2) (*винтообразный*) бурав гIадаб, свер-сверун унеб; **~а́я ле́стница** бурав гIадаб болъо (*свер-сверун унеб*)

ВИТО́К *м* свери´, гу´ри, тIад тири (*цо нухалъ*); жем

ВИТРИ´НА *ж* витрина (*тукада бихьизе къайи лъолеб бакI)*

ВИТЬ *несов. что* цадахъ кьуризе, хьухьине; кьурун цолъизаризе; **~ верёвку** квар кьуризе (хьухьине); **~ венки´** хьухьун тIухьдузул горал гьаризе; **~ гнездó** бусен гьабизе (хIанчIица) ◊ **~** *из кого-л.* **верёвки** *щивниги* тIубанго мутIигI гьавизе, малъараб гьабулевлъун лъугьинавизе

ВИ́ТЬСЯ *несов.* 1) (*о волосах*) кIургIизе 2) (*о растениях*) жемизе; **вино́град вьётся по стене́** цIибил кьедасан жемун унеб буго 3) (*о дороге, реке*) кIичI-кIичIизе 4) (*кружиться, крутиться*) тиризе, сверизе, кьур-кьуризе, свераби лъугьине, гора-горахун бахъине; **вьётся дымóк из трубы´** кIкIуйдул тIалаялъусан кIкIуй кьур-кьурун (горал лъугьун) унеб буго; **пти´цы вью´тся над ле́сом** рохьалда тIад хIанчIи сверулел (тирулел) руго

ВИ´ТЯЗЬ *м поэт. уст.* багьадур, бахIарчияв рагъухъан

ВИХ//О́Р *м* катIаридул микIис (*бахъун чIараб*); **пригла́дить ~ры´** катIаридул расал, тIад квер бахъун, ритIа-ришизаризе; **отодра́ть** *кого-л.* **за ~ры´** катIари ккун, вухизе (катIари бетIизе)

ВИХРА́СТЫЙ, -ая, -ое хучараб расалъул; **~ па́рень** хучараб расалъул вас

ВИХРЕВ//О́Й, -а́я, -о́е жемараб (гIадалаб, жундузул) хехаб гьорол; речIчIун бачIун, сверулаго хех унеб; **~о́е тече́ние** сверулаго унеб хехаб чвахи

ВИ´ХРЕМ *нареч.* гьурилъун, гьури гIадин, цIакъ хех; **взлете́ть ~** жемараб гьурилъун эхеде бахине

ВИХРЬ *м* 1) жемараб (гIадалаб, жундузул) хехаб гьури 2) *перен.* хехаб багъа-бачари, лъугьа-бахъиналъул гIедегIараб чвахи, цебе ин

ВИЦЕ- вице- («*заместитель», «кумекчи» абураб магIна кьезе цоги рагIиялъул авалалда рекIинабулеб бутIа*); вице-президент, вице-адмирал

ВИШНЁВКА *ж* жагадул гьекъел, чагъир

ВИШНЁВ//ЫЙ, -ая, -ое 1) жагадул; **~ый сад** жагадул ах; **~ое варе́нье** жагадул мурапа 2) (*о цвете*) бецIбагIараб (жагадул кьераб); **пла́тье ~ого цве́та** бецIбагIараб (жагадул кьераб) гурде

ВИ́ ШНЯ *ж* (*дерево и плод*) жага, жагадул гъветI

ВИШУ́ , ВИСИ́ ШЬ *и т. д. наст. от* **висе́ть**

ВИШЬ *частица разг.* бихьулищ, балагьеха; ~ **ты како́й!** балагьеха, гьединавищ мун вугев!

ВКА́ЛЫВАТЬ *несов. см.* **вколо́ть**

ВКА́ПЫВАТЬ *несов. см.* **вкопа́ть**

ВКАТИ́ ТЬ *сов.* 1) *что* гиризе, гиризабун бачине, гирун щвезабизе ~ **бо́чку в сара́й** чирмакъали сараялде гиризабизе 2) *что кому перен.* лъезе, кьезе, щвезабизе; ~ **дво́йку** кIийилаб лъезе; ~ **вы́ говор** выговор кьезе

ВКАТИ́ //ТЬСЯ *сов. во что сунданиги* жанибе гирун ккезе (ине); **мяч ~лся в воро́та** торгIо кавабахъе (жанибе) ккана (ана)

ВКА́ТЫВАТЬ(ся) *несов. см.* **вкати́ ть(ся)**

ВКЛАД *м* **1.** (*по гл.* **вложи́ ть**) лъей *(жаниб)* **2.** *фин.* лъураб гIарац; **сро́чные ~ы** заман цIан лъолеб гIарац **3.** *перен*. къиматаб, кIвар бугеб бутIа (*гIелмуялъулъ, искусствоялъулъ*); ~ **в нау́ку** гIелмуялъулъ лъураб къиматаб бутIа

ВКЛА́ДКА *ж* 1. (*по гл.* **вложи́ть**) лъей (жаниб) 2. *полигр*. гьоркьоб тIаде лъураб хасаб тIамач (*тIехьалда, газеталда, журналалда*); **цветна́я ~ в кни́гу** тIехьалда гьоркьоб лъураб кьерал ругеб тIамач

ВКЛА́ДЧИК *м* вкладчик (*сберкассалда цIунизе гIарац лъурав чи*)

ВКЛА́ДЧИЦА *ж* вкладчица (*сберкассалда цIунизе гIарац лъурай гIадан*)

ВКЛА́ДЫВАТЬ *несов. см.* **вложи́ ть**

ВКЛА́ДЫШ *м* гьоркьолъел, *сунданиги* гьоркьоб лъураб жо (*мас*. тIехьалда)

ВКЛЕ́ИВАТЬ *несов. см.* **вкле́ить**

ВКЛЕ́ИТЬ *сов. что* жаниб (гьоркьоб) седезе (рекIинабизе)

ВКЛЕ́ЙКА *ж* 1. (*по гл.* **вкле́ить**) жаниб (гьоркьоб) седей (рекIинаби) 2. (*что-л. вклеенное*) жаниб (гьоркьоб) седараб (рекIинабураб) жо

ВКЛИ́ НИВАТЬ(СЯ) *несов.* **вкли́нить(ся)**

ВКЛИ́ НИТЬ, ВКЛИНИ́ ТЬ *сов. что* гьоркьоб къазабизе (*лъутIлъун*)

ВКЛИ́ НИТЬСЯ, ВКЛИНИ́ТЬСЯ *сов. во что сунданиги* гьоркьобе борчIизе (къан ине); ~ **в расположе́ние проти́вника** тушман вугеб бакIалда гьоркьоре рорчIизе

ВКЛЮЧА́ТЕЛЬ *м тех.* включатель

ВКЛЮЧА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **включи́ть(ся)**

ВКЛЮЧА́Я *предлог с вин. п.* жубан, гьоркьобе бачун, малъун (рикIкIун); **собрали́сь все, ~ и старико́в** хералги малъун, киналго рачIана (ракIарана)

ВКЛЮЧЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **включи́ ть**) 1) цолъизаби, хурхинаби, рекIинаби, гьорлъе бачин **2.** (*по гл.* **включи́ться**) гьорлъе жубай, цолъи, хурхин

ВКЛЮЧИ́ ТЕЛЬНО *нареч*. жибгоги гьорлъе (гьоркьобе) бачун (цадахъ къан); **по март** ~ мартги гьоркьобе бачун, мартальул ахиралде щвезегIан; **с пе́рвого по тре́тий пара́граф** ~ тIоцебеселдасан байбихьун, лъабабилеб параграфги гьорлъе бачун

ВКЛЮЧИ́ ТЬ *сов.* 1) *кого-что во что* хурхинабизе, рекIинабизе, цолъизабизе, гьорлъе (гьоркьобе) жубазе; ~ **уча́щихся в спи́ -сок** цIалдохъаби списокалда (сияхIалда) гьорлъе журазе 2) *что* биччазе, кьезе; ~ **мото́р** мотор биччазе; ~ **ра́дио** радио биччазе; ~ **свет** канлъи кьезе (биччазе)

ВКЛЮЧИ́ТЬСЯ *сов. во что* 1) (*вступить*) гьорлъе жубазе (лъугьине); 2) (*начать действовать*) ишалде (хIалтIизе) байбихьизе

ВКОЛА́ЧИВАТЬ *несов. см.* **вколоти́ ть**

ВКОЛОТИ́ТЬ *сов. что во что* бухун къазабизе; ~ **гвоздь** магI чIвазе; ~ **кол в зе́млю** ракьулъ гIер (тIил, мичил, гъазихъ) къазабизе

ВКОЛО́ТЬ *сов. что во что* чIвазе, хIунсизе, хIунсун (тункун) къазабизе; ~ **була́вку** горочIвад къазабизе (чIвазе)

ВКОНЕ́Ц *нареч. разг.* тIубанго, ахиралде щун, рагIалде бахъун; ~ **изму́чился** тIубанго гIакъуба бихьана

ВКО́ПАННЫЙ, -ая, -ое ракьулъ лъураб (букъараб, къараб); **как** ~ ракьулъ къараб гIадин; **он останови́ лся как** ~ дов ракьулъ къарав гIадин чIана (кьуричIого)

ВКОПА́ТЬ *сов. что* ракьулъ букъизе

ВКОРЕНИ́ ТЬ *сов. что* кьибил биччазабизе, щулалъизабизе, кьучI тIамизабизе; ~ **культу́рные привы́чки** культуриял хасиятаз кьалбал риччазаризе

ВКОРЕНИ́ТЬСЯ *сов.* кьалбал риччазе, щулалъизе; гIадатлъун лъугьине

ВКОРЕНЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **вкорени́ть(ся)**

ВКОСЬ *нареч.* хъвалсан, гьетIун, гIебсахун; **отре́зать мате́рию** ~ ххам хъвалсан къотIизе

ВКРА́ДЧИВ//ЫЙ, -ая, -ое цермахIав, царалаб хасияталъул (гIамалалъул) (*гьуинаб, хIеренаб мацIалъ жиндехунго божилъи лъугьинабун бажарулев, живго лъикIав чилъун вихьизавулев*); **~ые ре́чи** царалал ругIаби

ВКРА́ДЫВАТЬСЯ *несов. см.* **вкра́сться**

ВКРА́//СТЬСЯ *сов. во что* 1) (*тайком войти*) балъгого жаниве ворчIизе (гьорлъе лъугьине) 2) (*по недосмотру*) кIвар гьечIолъиялъ борчIизе (ккезе); **в текст ~лась оши́бка** кIвар гьечIолъ тексталъулъ гьалатI борчIун буго 3) *перен.* (*о мыслях, чувствах*) бачIине, лъугьине, ккезе (*ботIроллъе, рекIелъе*); **в ду́шу ~лось сомне́ние** рекIелъе щаклъи бачIана ◊ **~сться** *в чье-л.* **дове́рие** царалаб гIамалалдалъун жиндехунго *лъилниги* божилъи лъугьине

ВКРА́ТЦЕ *нареч.* къокъ(го), къокъ гьабун; **изложи́ ть де́ло** ~ ккараб иш (жо) къокъго бицине

ВКРИВЬ *нареч. разг.* гьетIун, хъвалсан ◊ ~ **и вкось** а) (*в разных направлениях*) рахъ-рахъалде балагьун, низам гьечIого б) (*всячески*) цебе (ракIалде) ккараб куцалъ, бокьухъе

ВКРУГОВУ́ Ю *нареч. разг.* сверун; **я пое́хал в го́род не прямико́м, а** ~ дун шагьаралде битIун инчIо, сверун ана

ВКРУТИ́ ТЬ *сов. что во что* кьуризе, кьурун къазабизе; ~ **ла́мпочку в патро́н** чирахъ патроналъуб кьурун къазабизе

ВКРУТУ́Ю *нареч.* къвакIизабун, къазабун; бакъваго; **свари́ть яйцо́** ~ хоно (бетиялдаса ун) цIакъ белъинабизе

ВКРУ́ ЧИВАТЬ *несов. см.* **вкрути́ ть**

ВКУС *м* 1) тIагIам, тату; **го́рький** ~ кьогIаб тIагIам; **сла́дкий на** ~ гьуинаб тIагIамалъул, тIагIам гьуинаб; **про́бовать на** ~ тIагIамалъухъ (татуялъухъ) балагьизе; **плоды́ прия́тные на** ~ лъикIаб тIагIамалъул пихъ, тIагIамаб (татуяб) пихъ 2) (*чувство красивого, изящного*) берцинлъи (назуклъи) лъай (бичIчIи), берцинаб (назукаб) батIа гьабизе (тIаса бищизе) лъай; **у неё хоро́ший** ~ долда берцинлъи (назуклъи) лъикI лъала, долда берцинаб (назукаб) тIаса бищизе лъала; **одева́ться со ~ом** ретIел берцинго (назукго) ретIине 3) (*манера, стиль*) къагIида; **э́ то в моём ~е** гьеб дир къагIидаялъул буго, дие гьеб къагIида данде ккола

ВКУСИ́ТЬ *сов. что, чего высок.* хIал бихьизе, лъазе; ~ **ра́дость** рохел лъазе

ВКУ́СНО *нареч.* татуялда, тIагIамалда; **пиро́г** ~ **пригото́влен** пирог (цIурачед) лъикI хIадур гьабун буго

ВКУ́ СН//ЫЙ, -ая, -ое тIагIамаб, татуяб; **~ая еда́** тIагIамаб (татуяб) квен

ВКУСОВ//О́Й, -а́я, -о́е тIагIамалъулаб, тIагIамалда хурхараб; **~ые о́рганы** тIагIамалъулал (тIагIам лъалел) лугбал (*мас., мацI, кIал*)

ВКУША́ТЬ *несов. см.* **вкуси́ ть**

ВКУШУ́ , *I л. ед. ч. буд. от* **вкуси́ ть**

ВЛА́ГА *ж* регьел, реччел

ВЛАГА́ЛИЩЕ *с анат.* чIужугIаданалъул цIулъиялъул бутIа

ВЛАГА́ТЬ *несов. см.* **вложи́ ть**

ВЛАДЕ́ЛЕЦ *м* бетIергьан, хважайин; ~ **до́ма** рукъалъул бетIергьан (хважайин)

ВЛАДЕ́ЛИЦА *ж* бетIергьан (*чIужу*)

ВЛАДЕ́НИЕ//Е *с* 1. (*по гл.* **владе́ть**) бетIергьанлъи, кверщел гьаби; **~е до́мом** рукъалъул бетIергьанлъи гьаби 2) (*умение обращаться*) лъай, хIалтIизабун бажари; **~е ору́жием** ярагъ лъай 3) (*языком и т. п.*) лъай (*мацI ва ц.*) 2. (*территория*) мулк, ракь, бакI; **колониа́льные ~я** колониалиял ракьал ◊ **вступи́ ть во ~е** ракьалда (бакIалда) жанире лъугьине

ВЛАДЕ́//ТЬ *несов.* 1) *кем-чем* (*иметь*) бетIергьанлъи (кверщел) гьабизе, кверщаликье босизе; **~ть имýществом** буголъиялда (бечелъиялда) кверщел гьабизе 2) *чем* (*уметь пользоваться*) хIалтIизабизе лъазе; **он прекра́сно ~ет оружием** досда ярагъ цIакъ лъикI хIалтIизабизе лъала 3) *чем* (*уметь пользоваться чем-л.*) лъазе; **~ть ру́сским языко́м** гIурус мацI лъазе; **~ть тала́нтом худо́жника** художникасулаб пагьму букIине 4) *кем перен.* кквезе (бачине, хадуб цIазе, бакIа-бахаризе, мутIигI гьабизе) кIвезе ◊ **~ть перо́м** хъвадаризе пагьму букIине; **уме́ть хорошо́ ~ть собо́й** сабру гьабун бажаризе, живго вакIа-вахарун бажаризе

ВЛАДЫ́ КА *м* тIадегIанав (киналъулго) бетIергьан

ВЛАДЫ́ ЧЕСТВО *с* тIубараб кверщел (бетIергьанлъи) гьаби

ВЛАЖНЕ́//ТЬ *несов.* биччизе, регъел ккезе; **листва́ ~ет от росы́** щуб ккун, тIанхал риччулел руго

ВЛА́ЖНО 1. *нареч.* биччун, рагьан 2. *в знач. сказ. безл.* биччун (рагьан) буго

ВЛА́ЖНОСТЬ *ж* биччи, хIеккин, регъел букIин; **~ по́чвы** ракьул регъел букIин

ВЛА́ЖН//ЫЙ, -ая, -ое биччараб, рагьлилаб, регъел бугеб; **~ая земля́** биччараб (регъел бугеб) ракь; **~ые глаза́** (*от слез*) риччарал берал (*магIица*)

ВЛА́МЫВАТЬСЯ *несов. см.* **вломи́ться**

ВЛА́СТВ//ОВАТЬ *несов. над кем-чем* 1) хIакимлъи (бе-тIерлъи, тIадчилъи) гьабизе; **учи́ тесь ~овать собо́й** дуцаго дуего гIадлу гьабизе ругьунлъе 2) *перен.* (*господствовать*) кверщел (бетIергьанлъи, ханлъи) гьабизе; **безрабо́тица в стра́нах, где ~ует капита́л** капиталалъ кверщел гьабулел улкабазда хIалтIи гьечIолъи

ВЛАСТЕЛИ́Н *м и* **ВЛАСТИ́ТЕЛЬ** *м уст.* кIудияв хIаким, ихтияр (кверщел) кодосев

ВЛА́СТНОСТЬ *ж* кверщел буголъи; **~ хара́ктера** кверщел гьабулеб хасият

ВЛА́СТ//НЫЙ, -ная, -ное буюрун ругьунлъарав, кверщел (ихтияр) бугев; **~ный челове́к** буюрун ругьунлъарав (кверщел бугев) чи; **я не ~ен над ним** дир досда тIад кверщел гьечIо, досул кверщел дихъ гьечIо; **он ~ен распоряжа́ться собо́й** досул кверщел жиндихъго буго

ВЛАСТОЛЮБИ́ ВЫЙ, -ая, -ое, хIакимлъи (тIадчилъи) бокьулев; **он о́чень властолюби́в** досие цIакъ хIакимлъи бокьула, дов цIакъ хIакимлъи бокьулев чи вуго

ВЛАСТОЛЮ́ БИЕ *с* хIакимлъи (тIадчилъи) бокьи

ВЛАСТ//Ь *ж* 1) власть: **сове́тская ~ь** совет хIукумат; **верхо́вная ~ь** тIадегIанаб власть 2) *мн.* **~и** хIакимзаби, власть; **воённые ~и** рагъулал хIакимзаби; **ме́стные ~и** бакIалъулал хIакимзаби 3) (*право распоряжаться*) ихтияр, кверщел; **~ь председа́теля** председателасул ихтияр 4) (*сила чего-л.*) къуват; **~ь сло́ва** рагIул къуват ◊ **ва́ша ~ь** гьеб дур иш буго, бокьараб гьабе, дуда лъала

ВЛАЧИ́ТЬ *несов. что*: **~ жа́лкое существова́ние** язихъаб (мискинаб) бетIербахъи гьабизе

ВЛЕ́ВО *нареч.* квегIаб рахъалдехун, квегIса; **~ от доро́ги** нухдаса квегIаб рахъалдехун; **я свернýл ~** дун квегIаб рахъалдехун ана (сверана)

ВЛЕЗА́ТЬ *несов. см.* **ВЛЕЗТЬ**

ВЛЕЗ//ТЬ *сов.* 1) *на что* бахине, харизе; **~ на де́рево** гъо-тIоде харизе 2) *во что* жанибе ине (лъугьине); **~ть в окно́** гордухъан жанире лъугьине; **воры́ ~ли в дом** цIогьал рокъоре лъу-гьун руго 3) *разг.* (*вместиться*) жаниб гьине; **все ве́щи в чемода́н не ~ут** кинабго къайи чемоданалъуб гьинаро 4) *разг.* (*подойти по размеру*) гьине; **сапоги́ мне ~ли** чакмаби дида тIад гьана ◊ **~ть в долги́** налъукье ккезе; **~ть в ду́шу** рекIелъе жаниве лъугьине, рекIеда бугеб щинаб лъазабизе

ВЛЕКУ́ *1 л. ед. ч.,* **влеку́т** *3 л. мн. ч. наст. от* **влечь**

ВЛЕПИ́ТЬ *сов. что во что* жаниб рекIинабизе (*чIван, бохъун*); **~ в гли́ ну ка́мешек** хIатIулъ (хIатIуда) чIимих рекIинабизе 2) *перен. разг.* лъезе, щвезабизе, базе; **~ пощёчину** гьурмалъ хъат базе; **~ дво́йку** кIийилаб лъезе

ВЛЕПЛЯ́ ТЬ *несов. см.* **влепи́ть**

ВЛЕТА́ТЬ *несов. см.* **влете́ть**

ВЛЕТЕ́//ТЬ *сов.* 1) *во что* боржун жанибе ине; **ла́сточка ~ла в откры́тое окно́** милъирщо рагьараб гордухъан боржун жанибе ана 2) *во что перен. разг.* (*вбежать*) хехго жанибе бекеризе, кIанцIизе; **~ть в ко́мнату** хехго рокъове кIанцIизе 3) *кому безл. разг.* (*за какую-л. вину*) гIайибалъухъ, мунагьалъухъ (бадибчIвай) щвезе; ◊ **~ть в копе́ечку** харж гIемер ккезе, гIарац цIикIкIун ине

ВЛЕЧЕ́НИЕ *с* кутакаб гъира, шавкъ ккей (*сунденги);* **серде́чное ~** рекIел цIайи, рокьи

ВЛЕЧ//Ь *несов. кого-что* 1) (*вовлечь*) цIазе, бехъерхъизе, бачине, босизе; **ло́дку ~ёт тече́нием** раса чвахиялъ босун (бачун, цIан) унеб буго 2) *кого-что* (*привлекать*) гъира ккезабизе (базабизе), цIазе (гъираялъ); **его́ ~ёт к нау́ке** дов гIелмуялде цIалев вуго, досул гIелмуялдехун цIай (гъира) буго

ВЛИВА́НИ//Е *с* 1) жанибе тIей (чвахизаби) 2) *мед.* биччай, тIей (*чорхолъе би, дару*); **внутриве́нное ~е** бидурихъалда жанибе биччай (*дарман*); **аппара́т для ~я** бидурихъалда жанибе дарман биччалеб аппарат

ВЛИВА́ТЬ *несов. см.* **влить**

ВЛИВА́//ТЬСЯ *несов.* 1) *см.* **вли́ться** 2) (*о реке*) жубазе, гъорлъе лъугьине; **Ава́рское койсу́ ~ется в Сула́к** Авар гIор Сулахъалда гъорлъе жубала

ВЛИПА́ТЬ *несов. см.* **вли́пнуть**

ВЛИ́ ПНУТЬ *сов. во что разг.* 1) (*попасть во что-л. липкое*) рекIарунеб бакIалде ккезе; 2) *перен.* квешаб ишалда гъорлъе (гьоркьове) ккезе; **~ в скве́рную исто́рию** квешаб лъугьа-бахъиналда гьоркьове ккезе

ВЛИТЬ *сов. что во что* 1) тIезе (жанибе); **~ во́ду в бо́чку** чирмакъолонибе лъим тIезе 2) *перен.* тIаде жубазе; **~ но́вые ка́дры в произво́дство** производствоялде цIиял кадраби тIаде журазе

ВЛИ́ //ТЬСЯ *сов. во что* 1) *жанибе* чвахизе; **вода ~ла́сь в подва́л** лъим подвалалъубе чвахана; **ма́ленький ручеёк ~ва́лся в большо́й ручёй** гьитIинаб лъар кIудияб лъаралъе чвахулеб букIана 2) *перен.* жубазе, гъорлъе (гьоркьоре) лъугьине**; в а́рмию ~лись партиза́ны** армиялда гьоркьоре партизанал журана

ВЛИЯ́ НИЕ *с* 1. (*по гл.* **влия́ть**) асар гьаби, асар; **~ со́лнечных лучёй на челове́ческий органи́зм** бакъул чIораз инсанасул черхалъе асар гьаби (гьабулеб асар) 2. (*авторитет, власть*) сий, къадру, хIакимлъи; **челове́к с больши́м ~м** кIудияб сси (къадру) бугев чи

ВЛИЯ́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое къадру бугев; **~ челове́к** къадру бугев чи

ВЛИЯ́ //ТЬ *несов. на кого-что* асар гьабизе (лъугьинабизе); **~ть на дете́й** лъималазе асар гьабизе (лъугьинабизе); **за́суха ~ет на посе́вы** ракъдалгьиялъ рекьарал жалазе асар (зарал) гьабулеб буго

ВЛОЖЕ́НИ//Е *с* **1.** (*по гл.* **вложи́ ть**) лъей **2.** (*то, что вложено*) лъураб жо **3.** *фин., эк.* вложение, цо предприятиялда лъураб (хIалтIизабизе кьураб) гIарац; **капита́льные ~я** капиталиял вложениял; предприятиял хIалтIизаризе биччараб гIарац

ВЛОЖИ́ ТЬ *сов. что во что* 1) лъезе, жаниб лъезе; **~ письмо́ в конве́рт** кагъат конверталда (бухчаялда) жаниб лъезе 2) *перен.* кьезе; **~ всю си́лу в рабо́ту** кинабго къуват хIалтIуе кьезе 3) *фин., эк.* биччазе, кьезе; **~ капита́л в строи́тельство** балеб бакIалъе (бакIалда) хIалтIизабизе гIарац кьезе

ВЛОМИ́ТЬСЯ *сов. во что* хIалица (зулмуялъ) жаниве лъугьине (кIанцIизе); **~ в ко́мнату** хIалица (зулмуялъ) рокъове кIанцIизе, хIалица нуцIаги рагьун, рокъове лъугьине (кIанцIизе); **~ в чужо́й дом** хIалица чияр рокъове кIанцIизе

ВЛЮБИ́//ТЬСЯ *сов. в кого-что* рокьи (гIишкъу) ккезе; **~ться в свою́ специа́льность** жиндирго хIалтIи (махщел) кутакалда бокьизе; **я ~лся в э́ту де́вушку** дир гьай ясалъухъ рокьи ккун буго

ВЛЮБЛЁНН//ЫЙ, -ая, -ое 1. рокьи (гIишкъу) ккарав; **он смотре́л на неё ~ыми глаза́ми** гьев долъухъ рокьи ккарал бераз валагьун вукIана 2. (*увлеченный чем-л.*) машгъулав, машгъуллъарав; **~ый в свою́ рабо́ту** жиндирго хIалтIуде машгъуллъарав 3. *в знач. сущ.* рокьи (гIишкъу) ккарав, гIашикъ

ВЛЮБЛЯ́ ТЬСЯ *несов. см.* **влюби́ться**

ВЛЮ́ БЧИВЫЙ, -ая, -ое хехго рокьи кколев, гьелгьел рокьи гьабулев

ВМА́ЗАТЬ *сов. что во что* тIад жо бахине; тIад жо бахун, щула гьабизе; ~ **стекло́ в ра́му** замазка бахун, рамаялда цIер щула гьабизе

ВМА́ЗЫВАТЬ *несов. см.* **вма́зать**

ВМЕНИ́ ТЬ *сов. что кому во что* тIаде бугъизе (ккезабизе, бихьизабизе); ~ **в вину́** гIайиблъун бихьизабизе; ~ **в обя́ занность** тIадабльун (борчлъун) бихьизабизе

ВМЕНЯ́ ЕМОСТЬ *ж юр.* бетIер сверичIолъи, гIакълуялда вуголъи (вукIин) (*жинца гьабулеб-толеб жоялъул законалда цебе жаваб кьезе кIолеб психикияб хIалалда вукIин*)

ВМЕНЯ́ ЕМ//ЫЙ, -ая, -ое гIакълуялда вугев, бетIер сверичIев (*жинца гьабулеб-толеб жоялъул законалда цебе жаваб кьезе кIолеб психикияб хIалалда вугев*); **суд призна́л подсуди́мого вполне́ ~ым** судалъ судалда гъоркь вугев чи гIакълуялда вугевлъун (*бетIер сверичIевлъун, жинца гьабулеб-толеб жоялъул законалда цебе жаваб кьезе кIолеб психикияб хIалалда вугевлъун*) рикIкIана

ВМЕНЯ́ ТЬ *несов. см.* **вмени́ть**

ВМЕРЗА́ТЬ *несов. см.* **вмёрзнуть**

ВМЁРЗНУТЬ *сов. щибниги* лъелъ, ракъулъ бугеб жо цIорон (цIер чIван) щулалъизе (къан хутIизе)

ВМЕ́СТЕ *нареч.* цадахъ, цого заманалда; **рабо́тать ~** цадахъ хIалтIизе; **жить ~** цадахъ гIумру гьабизе ◊ **~ с тем** гьебго заманалда, цого заманалда, цадахъ

ВМЕСТИ́ ЛИЩЕ *с* бакI (*щибниги жо жаниб лъолеб*)

ВМЕСТИ́ МОСТЬ *ж см.* **вмести́ тельность**

ВМЕСТИ́ТЕЛЬНОСТЬ *ж* жанибе унеб (жаниб гьунеб) жоялъул къадар, гIатIилъи; ~ **вагóна** вагоналъул гIатIилъи

ВМЕСТИ́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое гIатIидаб, гIемер жо жанибе унеб (жаниб гьунеб, хIебтIулеб); **~ая ко́мната** гIатIидаб рукъ

ВМЕСТИ́ ТЬ *сов. кого-что* жаниб гьинабизе, жанибе инабизе; **все ве́щи ~ в чемода́н** кинабго къайи чемоданалъуб гьинабизе

ВМЕСТИ́ //ТЬСЯ *сов.* жаниб гьине (хIебтIизе), жанибе ине; **ве́щи ~лись в чемода́н** къайи чемоданалъуб гьана

ВМЕ́СТО *предлог с род. п. сундулниги, лъилниги* бакIалда; **иди́ в теа́тр ~ меня́** дир бакIалда театралде а; **дал одну́ кни́гу ~ друго́й** цо тIехьалъул бакIалда цогидаб кьуна

ВМЕТА́ТЬ *сов. что* чIахIарукъиялъ букъизе; ~ **рука́в** чIахIарукъиялъ къвал букъизе, квар чIвазе

ВМЁТЫВАТЬ *несов. см.* **вмета́ть**

ВМЕША́ТЕЛЬСТВО *с* 1) чияр ишалда гьоркьоре лъугьин 2) ишалъул ин хисизабизелъун, гьелда гьоркьоре лъугьин; **вооружённое ~** яргъид гIуцIараб гьоркьоре лъугьин

ВМЕША́//ТЬ *сов. во что* 1) *что, чего* (*примешать*) гъорлъ, гьоркьоб жубазабизе 2) *кого перен. разг.* (*впутать*) бокьичIонигн цо ишалда гьоркьове цIазе (тункизе), гьоркьов къазавизе; **его́ ~ли в э́ти спле́тни** гьел мацIазда гьоркьов къазавун вуго дов

ВМЕША́ТЬСЯ *сов.* гьоркьове жувазе (*кколаре, хIажат гьечIеб, жинде ирга щоларе ишалда*); ~ **в разгово́р** кIалъаялда (гара-чIвариялда) гьоркьове жувазе; ~ **в спор** дагIбаялда гьоркьове жувазе

ВМЕ́ШИВАТЬ *несов. см.* **вмеша́ть**

ВМЕ́ШИВА//ТЬСЯ *несов. см.* **вмеша́ться; не ~йтесь в чужи́е дела́** чияр ишазда гьоркьове жуваге (лъугьунге)

ВМЕЩА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **вмести́ ть(ся)**

ВМИГ *нареч.* цо параялъ (лахIзаталъ); ~ **самолёт скры́лся** цо параялъ самолет тIерхьун ана

ВМИНА́ТЬ *несов. см.* **вмять**

ВМЯ́ ТИНА *ж* хунтIи́, хунтIараб бакI

ВМЯТЬ *сов. что* хунтIизабизе

ВНАЁМ, ВНАЙМЫ́ *нареч.* ижараялъе, мухьдахъ; **отда́ть ~** ижараялъе кьезе; **взять ~** ижараялъ босизе; **сдаётся ~** ижараялъ (мухьдахъ) кьолеб буго

ВНАКИ́ДКУ *нареч.* гъажалда (мугъзада) бан, къвал бегьичIого (ххечIого), нахъа чIван; **носи́ть пальто́ ~** къвал ххечIого (мугъзада бан), пальто ретIине

ВНАКЛА́ДКУ *нареч. разг.* жанибе (гъорлъе) бан; **пить чай ~** чакар гъорлъе бан, чай гьекъезе

ВНАЧА́ЛЕ *нареч.* авалалда, байбихьуда, тIоцебе; ~ **бы́ло легко́ слу́шать расска́з** байбихьуда (авалалда) хабаралъухъ гIенеккизе бигьаго букIана

ВНЕ *предлог с род. п.* 1) (*за пределами*) къватIибехун; ~ **го́рода** шагьар тун къватIибехун 2) (*без*) гьечIого; ~ **ко́нкурса** конкурс (къец) гьечIого; **пройти́ ~ о́череди** ирга (очередь) гьечIого, ине 3) (*сверх чего-л.*) тIадеги, тIасан борчIун; ~ **пла́на** планалде тIадеги, планалда тIасан борчIун ◊ **быть ~ себя́ от гне́ва** щидахиналъ гьабулеб жо лъалареб хIалалда вукIине; ~ **вся́ких сомне́ний** кинабгIаги щаклъи (ишкал) гьечIого

ВНЕДРЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **внедри́ ть**) тIибитIизаби, щулалъи-заби, кьалбал риччазари, гIатIидго хIалтIизаби, гIумруялде ба-хъинаби; ~ **достиже́ний нау́ки в произво́дство** гIелмиял бер-гьенлъаби производствоялда тIиритIизари (щулалъизари); ~ **но́вых сельскохозя́йственных культу́р** цIиял росдал магIишаталъул культураби тIиритIизари (гIатIидго хIалтIизари) **2.** (*по гл.* **внедри́ ться**) тIибитIи, щулалъи, кьалбал риччай, гIумруялде бахъин

ВНЕДРИ́ ТЬ *сов. что во что* тIибитIизабизе, босизабизе, щула гьабизе; ~ **в произво́дство достиже́ния нау́ки** гIелмиял бер-гьенлъаби производствоялда тIиритIизаризе

ВНЕДРЯ́ТЬСЯ *сов. в кого-что* тIибитIизе, щулалъизе, кьалбал риччазе

ВНЕДРЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **внедри́ ть(ся)**

ВНЕЗА́ПНО *нареч.* тохлъукье(го), цойидасанго, циндаго, ракIалдаго гьечIого, тохлъукье(го); ~ **поднялáсь метéль** цойидасанго гIазугун пуй-чIвай бахъана (багъарана)

ВНЕЗА́ПНОСТЬ *ж* нагагьлъи, тохлъукье ккей (лъугьин, гьаби); ~ **нападе́ния** тIаде кIанцIиялъул нагагьлъи, тIаде кIанцIи тохлъукье ккей

ВНЕЗА́ПН//ЫЙ, -ая, -ое нагагьаб, тохлъукье, (цойидасанго, циндаго, ракIалдаго гьечIого) ккараб; **~ая смерть** нагагьаб хвел; **~ый отъе́зд** ракIалдаго гьечIеб ин

ВНЕКЛА́ССН//ЫЙ, -ая, -ое классалдаса къватIибехунисеб; **~ое чте́ние** классалдаса къватIибехунисеб цIали

ВНЕКЛА́ССОВЫЙ, -ая, -ое классияб гуреб, жамгIиял классазда бухьинчIеб

ВНЕМА́ТОЧН//ЫЙ, -ая, -ое: **~ая бере́менность** *мед.* тIончIорукъалда къватIибехун хьонтIи (рижи, тIинч1) лъугьин

ВНЕОЧЕРЕДНО́Й, -а́я, -о́е иргадулаб гуреб, иргаялда гьечIеб; ~ **съезд** иргадулаб гуреб съезд

ВНЕПЛА́НОВ//ЫЙ, -ая, -ое планалдаса къватIисеб, планалда гьоркьоб гьечIеб; **~ая рабо́та** планалда гьоркьоб гьечIеб хIалтIи

ВНЕСЕ́НИЕ *с* 1. (*по гл.* **внести́**) жанибе боси (щвезаби, кьей); ~ **кварти́рной пла́ты** рукъалъухъ мухь кьей 2. (*предложения и т. п.*) кьей; ~ **предложе́ния** предложение кьей 3. (*добавление*) тIаде (гьорлъе, гьоркьобе) жубай (бай); ~ **удобре́ний в по́чву** ракъулъе ракь беэн гьарулел жал журай

ВНЕСЛУЖЕ́БН//ЫЙ, -ая, -ое хъулухъалда бухьинчIеб, хъулухъалда хурхинчIеб, хъулухъалъул гуреб; **~ое вре́мя** хъулу-хъалъул гуреб заман

ВНЕСТИ́ *сов.* 1) *кого-что* (*внутрь*) жанибе босизе (босун щвезабизе); ~ **ве́щи в ко́мнату** къайи рокъобе жанибе босизе 2) *что* (*уплатить*) кьезе; ~ **кварти́рную пла́ту** рукъалъухъ мухь кьезе 3) *что* (*сделать; включить*) кьезе; ~ **предложе́ние** предложение кьезе 4) *кого-что* (*добавить*) жубазе; ~ **удобре́ние в по́чву** ракъулъе ракь беэн гьабулеб жо жубазе

ВНЕУСТА́ВНЫЙ –ая, -ое уставалъ бихьизабураб гIадлунизамалда данде кколаре

ВНЕШКО́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое школалдаса къватIисеб (къватIибехунисеб), школа тун къватIисеб; **~ая рабо́та** школалдаса къватIибехунисеб хIалтIи

ВНЕ́ШНЕ *нареч.* тIаде балагьун, тIаде балагьухъе; ~ **он споко́ен** тIаде балагьухъе дов сабурго вуго

ВНЕШНЕПОЛИТИ́ ЧЕСКИЙ, -ая, -ое къватIисеб политикаялъул (политикаялда хурхараб); ~ **курс** къватIисеб политикаялъул курс (нух)

ВНЕШНЕТОРГО́В//ЫЙ, -ая, -ое къватIисеб дармилаб (дармида хурхараб); **~ые свя́зи** къватIисел дармилал бухьенал

ВНЕ́ШН//ИЙ, -яя, -ее *в разн. знач.* къватIисеб; **~яя деревя́нная ле́стница** къватIисан лъураб цIулал болъо (мали); **~ий вид**

къватIисеб (тIаде балагъун бихьулеб) куц; **~яя поли́тика** къватIисеб политика; **~ий мир** къватIисеб дуниял; **~яя торго́вля** къватIисеб (къватIисел улкабазулгун гьабулеб) даран

ВНЕ́ШНОСТЬ *ж* 1) (*внешний вид*) къватIисеб (тIасияб, тIаде балагъун бихьулеб) рахъ 2) (*наружность*) куц, сипат; **прия́тная ~** берцинаб сипат

ВНЕШТА́ТНЫЙ, -ая, -ое штаталда гьечIеб (бихьизабичIеб); **~ сотру́дник** штаталда гьечIев хIалтIухъан

ВНИЗ *нареч.* гъоркье, гIодобе, эхебе; **спусти́ ться ~** гъоркье лъугьине; **~ по Во́лге** Волгаялъ гIодобе (эхебе)

ВНИКА́ТЬ *несов. см.* **вни́кнуть**

ВНИ́КНУТЬ *сов. во что* нахъгIунтIизе (*хIакъикъаталда*), рагIа-ракьанде щун, лъазабизе, тIубанго бичIчIизе (лъазе); **~ в слова́ учи́ теля** учителасул рагIабазул магIна тIубанго бичIчIизе; **~ в суть де́ла** ишалъул хIакъикъат лъазабизе

ВНИМА́НИ//Е *с* пикру (кIвар) кьей (буссинаби); **слу́шать со ~ем** кIвар кьун гIенеккизе (гIин тIамизе); **оста́вить без ~я** кIвар кьечIого тезе; **обрати́ ть ~е** пикру (кIвар) кьезе; **принима́ть во ~е** хIисабалде босизе

ВНИМА́ТЕЛЬНО *нареч.* кIвар (пикру) кьун; **он ~ слу́шал его́** дов гьесухъ кIвар кьун гIенеккана

ВНИМА́ТЕЛЬНОСТ//Ь *ж* кIвар (пикру) кьей; **де́ло тре́бовало большо́й ~и** кIудияб кIвар кьезе кколеб иш букIана

ВНИМА́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое кIвар (пикру) кьолеб, ракIракIалъ (ракI унтун, ракI биччан) иш гьабулеб; **~ учени́ к** кIвар (пикру) кьолев цIалдохъан

ВНИМА́ТЬ *несов. см.* **внять**

ВНИЧЬЮ́ *нареч.* цонигиял бергьинчIого, ращад ккун; **зако́нчить па́ртию ~** партия, цонигиял бергьинчIого, лъугIизе

ВНОВЬ *нареч.* 1) (*снова*) цIидасан, нахъеги, нахъесалалъги, цоги нухалъ; **уви́деться ~** цIидасан (нахъеги, нахъесалалъги, цоги нухалъ) рихьизе 2) (*только что*) ахIанже, гьанже, гьанжего гьанже; тIоцебесеб нухалъ; **~ прибы́ вший** ахIанже вачIарав

ВНОСИ́ТЬ *несов. см.* **внести́**

ВНУК *и* васасул (ясалъул) вас, васакIо

ВНУ́ТРЕННЯЯ//ИЙ, -яя, -ее *в разн. знач.* жанисеб, жанибехунисеб; **~ие зако́ны разви́тия языка́** мацI цебетIеялъул жанисел законал; **~ие две́ри** жанисел нуцIби; **~яя поли́тика** жанисеб политика; **~яя торго́вля** жанисеб даран; **~ий у́гол** *мат.* жанисеб бокIон ◊ **~ие боле́зни** жанисел унтаби

ВНУ́ТРЕННОСТ//Ь *ж* 1) *чего* жаниблъи; **~ ко́мнаты** рукъалъул жаниблъи 2) **~и** *мн. анат.* ургьимес

ВНУТРИ́ *нареч. и предлог с род. п.* жаниб; **~ го́рода** шагьаралда жаниб

ВНУТРИВЕ́ННЯЯ//ЫЙ, -ая, -ое бидурихьалда жанибе гьабулеб; **~ое вливание** бидурихьалда жанибе биччай (*дарман, би*); **~ый нарко́з** бидурихьалда жанибе дарман биччан, кIотинари

ВНУТРИПАРТИ́ЙНЯЯ//ЫЙ, -ая, -ое партилда жанисеб; **~ая демокра́тия** партиялда жанисеб демократия

ВНУТРЬ *нареч. и предлог с род. п.* жанибе, жанибехун; **принима́ть лека́рство ~** дарман гьекъезе (къулчIизе); **войти́ ~ до́ма** рокъове жаниве ине (лъугьине)

ВНУЧА́ТА *мн.* васасул (ясалъул) лъимал, васакIаби, ясакIаби

ВНУЧА́ТЫЙ, -ая, -ое: **~ племя́ нник** вацасул васакIо

ВНУ́ЧКА *ж* васасул (ясалъул) яс, ясакIо

ВНУША́ТЬ *несов. см.* **внуши́ ть**

ВНУШЕ́НИЕ *с* 1. (*по гл.* **внуши́ть**) рекIелъе ккезаби (лъугьинаби), рекIелъ босизаби (бессизаби) 2. (*наставление*) малъи, гьесизаби; **роди́ тельское ~** эбел-инсул малъи

ВНУШИ́ТЕЛЬНО *нареч.* асар гьабуледухъ; **говори́ть ~** асар гьабуледухъ кIалъазе

ВНУШИ́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*производящий впечатление*) асар гьабулеб; **~ая си́ла** асар гьабулеб къуват; **~ое сло́во** асар гьабулеб рагIи 2) (*большой, крупный*) кIудияб; **~ый рост** кIудияб къаркъала (черх)

ВНУШИ́ ТЬ *сов. что кому* 1) рекIелъе ккезабизе, рекIелъ босизабизе (бессизабизе); **~ уваже́ние к ста́ршим** кIудиязде хIурмат рекIелъ бессизабизе 2) (*возбудить*) борчIизабизе, багъаризабизе, кутаклъизабизе, бижизабизе, лъугьинабизе (*рекIелъ*); **~ чу́вство жа́лости** рекIелъ рахIму (гурхIел) бижизабизе; **~ дове́рие** рекIелъ божилъи лъугьинабизе (бижизабизе)

ВНЯ́ ТНО *нареч.* баянго, загьирго, бичIчIуледухъ, лъикI рагIуледухъ; **чита́ть ~** рагIуледухъ (бичIчIуледухъ, баянго) цIализе; **говори́ ть ~** баянго (рагIуледухъ, бичIчIуледухъ) кIалъазе

ВНЯ́ТНОСТЬ *ж* баянлъи (*кIалъаялъул*), лъикI рагIи (бичIчIи), лъикI рагIуледухъ (бичIчIуледухъ) аби; **~ ре́чи** каламалъул баянлъи, калам лъикI рагIи (бичIчIи)

ВНЯ́ ТН//ЫЙ, -ая, -ое баянаб, бичIчIулеб, лъикI рагIулеб; **~ое чте́ние** баянаб (бичIчIулеб) цIали; **~ый разгово́р** баянаб (бичIчIулеб) кIалъай

ВНЯТЬ *сов. кому-чему* гIенеккизе, гIин тIамизе, кIвар кьезе, агъаз гьабизе; **~ его́ про́сьбе** досул гьариялъухъ гIенеккизе

ВО *предлог; цо-цо рагьукъал гьаркьазул цадахълъиязда цебе* "в" *предлогалъул бакIалда хIалтIизабула, мас.*: **во двор** азбаралде, **во сне** макьилъ, **во весь рост** къаркъала (щват) битIун (биччан) (*вегизе, вахъун чIезе*)

ВО- *приставка; то же что* **в-;** "в-" *приставкаялъул бакIалда* -й, о- *ва цо-цо рагьукъал гьаркьазул цадахълъиязда цебе хIалтIизабула, мас.*: **войти́** жаниве лъугьине, **вооружи́ ть** яргъид гIуцIи-зе, **воткну́ть** хIунсизе, чIвазе, хIунчун къазабизе, **волью́** жанибе тIела

ВО́БЛА *ж* вобла (ч*чугIа*)

ВОБРА́ТЬ *сов. что* жанибе босизе (цIазе, бакIаризе); **~ во́здух** гьава жанибе цIазе (босизе)

ВОБЬЮ́ , ВОБЬЁШЬ *и т. д. буд. от* **вбить**

ВОВЕ́К, ВОВЕ́КИ *нареч.* 1) (*вечно, навек*) даим(го), кидаго; **сла́вься вове́ки, страна́ трудова́я** машгьурлъе даимго, хIалтIулаб улка 2) (*с отриц. - никогда*) киданиги; **вове́к не забу́ду** киданиги кIоченаро

ВОВЛЕКА́ТЬ *несов. см.* **вовле́чь**

ВОВЛЕЧЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **вовле́чь**) гьоркьобе, гьорлъе цIай; **~ в произво́дство** производствоялда гьорлъе (гьоркьобе) цIай

ВОВЛЕ́ЧЬ *сов. кого-что во что* гьоркьобе (гьорлъе) цIазе; **~ в рабо́ту** хIалтIуда гьорлъе цIазе

ВОВЛЕ́ЧЬСЯ *сов.* гьорлъе (гьоркьове) жувазе (цIазе)

ВОВНЕ́ *нареч.* къватIибехун

ВО́ВРЕМЯ *нареч.* жиндир гIужда, хIажатаб механда; **приходи́ домо́й ~** рокъове жиндир гIужда (заманалда, ригьда) вачIа

ВО́ВСЕ *нареч. разг.* кинго, киданиги, кидаго, думалъ(го), миркалъ(го); **~ я э́ того не хочу́** дие гьеб кинго бокьун гьечIо; **~ э́ то не ну́жно** гьеб миркалъго къваригIунаро

ВОВСЮ́ *нареч. разг.* кутакалда, буге-гьечIеб хIалалъ, бугеб къуваталъ; **луна́ све́тит ~** моцI кутакалда гвангъун буго; **гнать лошаде́й ~** чуял бугеб къуваталъ рекеризаризе

ВО-ВТОРЫ́ Х *вводн. сл.* кIиабизе(ги), кIиабизе бугони

ВОГНА́ТЬ *сов.* 1) *кого-что во что* (*загнать*) жанире гъезе; **~ кур в сара́й** гIанкIуял гьороре гъезе 2) *что во что* къазабизе; **~ гвоздь в до́ску** магI хъорщода кьабизе, къазабизе ◊ **~ в пот** гIетIулъан ваккизегIан хIалтIизавизе; хIинкъизавизе; **~ в гроб** хабалъе инавизе, хвалде ккезавизе

ВО́ГНУТОСТЬ *ж* хунтIи́, хунтIараб бакI

ВО́ГНУТ//ЫЙ, -ая, -ое хунтIараб, жанибехун гьетIараб (кIичIараб), гом (гомог) бараб; **~ое стекло́** хунтIараб цIер

ВОГНУ́ ТЬ *сов. что* хунтIизабизе, жанибехун гьетIизабизе (кIичIизабизе)

ВОГНУ́ ТЬСЯ *сов.* хунтIизе, жанибехун гьетIизе (кIичIизе)

ВОД//А́ *ж в разн, знач.* лъим; **ве́шние во́ды** ихдалил лъинал, ихал; **дождева́я ~а́** цIадал лъим; **коло́дезная ~а́** гъуялъул лъим; **минера́льные во́ды** минералиял лъинал; **роднико́вая ~а** иццул (къулгIадул) лъим; **стоя́ чая ~а́** чIараб (чвахун унареб) лъим; **фрукто́вая ~а́** пихъил лъим; **е́хать по ~е́** лъедасан ине ◊ **деся́ тая ~а́ на кисе́ле** дагъа-макъав гIагарав чи; **чи́ стой ~ы́** (*о драгоценном камне*) бацIцIадаб (*нагIлиялъул хIакъалъулъ*); **как две ка́пли ~ы́** лъел кIиго къатIрагIанги (релълъарал); **с него́ как с гу́ся ~а́** досда жо хъваларо, асар гьабуларо; **как ры́ба в ~е́** лъелъ ччугIа гIадин, эркенго; **как в во́ду ка́нуть** араб бакI лъачIого, тIагIине, лъелъе бортараб гIадин, тIагIине; **~ы́ не заму́тит** цIакъ гIодове виччарав, хIалимав вуго; **их ~о́й не разольёшь** цIакъ ракI жубарал руго, цоцадаса ратIалъуларел руго; **быть ти́ше ~ы́ , ни́же травы́** гIодове виччан (лемхIун, хIинкъун, хIалимго) вукIине; **мно́го ~ы́ утекло́** гIемер заман ана; **лить во́ду** *на чью-л.* **ме́льницу** *лъиениги* кумек, пайда гьабизе;

вывести́ *кого-л.* **на чи́стую во́ду** *лъилниги* балъгоял пишаби тIатинаризе, къватIив чIвазавизе; **вы́йти сухи́м из ~ы́** тамихIалдаса ворчIизе, щибго тIад чIунгутIизе; **он прошёл сквозь ого́нь и во́ду** досда лъи-кIабги квешабги (чIегIерабги хъахIабги) бихьана

ВОДВОРИ́ТЬ *сов.* 1) *кого-что во что* (*поселить*) жанибе гъезе, гочинабизе, лъугьинабизе; ~ **в но́вый дом** цIияб миная-лъуве гочинавизе 2) *что перен.* (*установить*) букIинабизе, чIезабизе; ~ **поря́док** гIадлу-низам букIинабизе (чIезабизе)

ВОДВОРИ́//ТЬСЯ *сов.* 1) *в чем* (*поселиться*) жанибе лъугьине, гочине; **~ться в но́вом до́ме** цIияб рокъове гочине 2) *перен.* (*установиться*) букIине, лъугьине; **~лся поря́док** гIадлунизам лъугьана

ВОДВОРЯ́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **водвори́ть(ся)**

ВОДЕВИ́ЛЬ *м театр.* водевиль (*тIадагьаб махсараялъул пьеса*)

ВОДИ́ТЕЛЬ *м* бачунев чи (*машина, трамвай ва ц.*); **~ авто́буса** автобус бачунев чи

ВОДИ́ТЬ *несов.* 1) *кого-что, чем по чему* бачине; ~ **детей на прогу́лку** лъимал тира-сверизе рачине; ~ **слепо́го** бецав вачине; ~ **автобус** автобус бачине 2) *что с кем* гьабизе; ~ **дру́жбу** гьудуллъи гьабизе ◊ ~ **за́нос** гуккизе, махсараде кквезе

ВОДИ́ТЬСЯ *несов.* 1) букIине, гIумру тIамизе (гьабизе); **в лесу́ во́дятся зве́ри** рохьор хъурмал рукIуна 2) лъай-хъвай (бухьен, гьоркьоблъи) букIине; **я с ним бо́льше не вожу́сь** дица досулгун гьоркьоблъи (бухьен) тIокIаб гьабуларо ◊ **как во́дится** *в знач. вводн. сл.* гIадаталда билълъараб куцалъ

ВО́ДКА *ж* гIаракъи

ВО́ДН//ЫЙ, -ая, -ое лъадал(аб); **~ый тра́нспорт** лъадал(аб) транспорт; **~ые пути́** лъадал(ал) нухал, лъедасан хьвадулел нухал; **~ый спорт** лъадалаб спорт; **~ые ресу́рсы** лъел ресурсал

ВОДО- "лъим" *абураб магIна кьолеб журарал ргIабазул тIоцебесеб бутIа, мас.*: **водово́з** лъимбачч

ВОДОБОЯ́ЗНЬ *ж мед.*, тIурул унти, тIури щвей

ВОДОВО́З *м* лъимбачч, лъим баччулев чи

ВОДОВО́ЗНЫЙ, -ая, -ое лъим баччулеб, лъим баччиялъул

ВОДОВОРО́Т *м* берело, свердиро, лъим тIад тирулеб бакI; лъим свери ◊ ~ **собы́тий** лъугьа-бахъиназул свери, хиси

ВОДОГРЕ́ЙКА *ж* лъим бухIизабулеб алат

ВОДОГРЯЗЕЛЕЧЕ́БНИЦА *ж* лъел ва хIарщул кумекалдалъун сах гьарулеб учреждение

ВОДОЁМ *м* хIавуз, лъим бакIарараб бакI (*хIор, ралъад ва ц.*)

ВОДОИЗМЕРИ́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое лъим борциналъул, лъим борцунеб; **~ые прибо́ры** лъим борцунел приборал (алатал)

ВОДОИЗМЕЩЕ́НИЕ *с* гамил бакIлъи (*гамица нахъе гьабулеб гьелъул бакIлъиялда бащадаб лъим*); **су́дно с ~м в де́сять ты́сяч тонн** анцIазарго тонна бакIлъи бугеб гама

ВОДОКА́ЧКА *ж* лъим кьабулел насосал (лъураб) ругеб рукъ, лъим кьабулеб бакI

ВОДОЛА́З *м* водолаз (1 *вукъун ун, лъеда гъорлъ хIалтIи гьабулев чи; 2 лъелъ гъанкъулев чи хвасар гьавизе ругьунаб ньюфаундленд тайпаялъул гьой*)

ВОДОЛА́ЗН//ЫЙ, -ая, -ое водолазасул(аб), водолазлъия-лъул(аб); лъеда гъорлъ гьабулеб; **~ое снаряже́ние** водолазасул къайи-къоно (*костюм ва ц.*); **~ая те́хника** водолазлъиялъулаб техника; **~ые рабо́ты** водолазлъиялъулал хIалтIаби, водолазасул(ал) хIалтIаби

ВОДОЛЕЧЕ́БНИЦА *ж* лъададалъун дару гьабулеб учреждение

ВОДОЛЕЧЕ́НИЕ *с* лъададалъун дару гьаби

ВОДОМЕ́Р *м* водомер, лъимборц (1 *чвахулеб лъадал къадар борцунеб алат; 2 гIурул тIаде бахин, гIодобе ккей лъазе гIурулъ чIвалеб гIужал рараб хъарщи*)

ВОДОНАПО́РН//ЫЙ, -ая, -ое: **~ая ба́шня** лъадал хIалуцин цIикIкIинабулеб си

ВОДОНЕПРОНИЦА́ЕМ//ЫЙ, -ая, -ое гъорлъан лъим биччалареб (баккулареб); **~ая ткань** гъорлъан лъим биччалареб (баккулареб) ххам

ВОДОНО́С *м* (*человек*) лъимбачч, лъим баччулев чи

ВОДОНО́СНЫЙ, -ая, -ое гъорлъ лъим бугеб (регьел цIикIкIараб); ~ **слой земли́** лъим гъорлъ бугеб (регьел цIикIкIараб) ракьул гъат

ВОДООТВО́ДНЫЙ, -ая, -ое цояб рахъалде лъим чвахизабулеб (тIамулеб, бачунеб); ~ **кана́л** цояб рахъалде лъим тIамулеб (чвахизабулеб) канал (рахъ)

ВОДООТЛИ́ВН//ЫЙ, -ая, -ое лъим тIаса бикьизе, лъим кьабизе бугеб; **~ый наcóc** лъим кьабулеб насос; **~ое отве́рстие** лъим нахъе тIезе бугеб каратI

ВОДООТТА́ЛКИВАЮЩ//ИЙ, -ая, -ее лъим босулареб; **~ая ткань** лъим босулареб ххам

ВОДООЧИСТИ́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое лъим бацIцIад гьабулеб; ~ **фильтр** лъим бацIцIад гьабулеб фильтр (цIура)

ВОДОПА́Д *м* чвахи (*борхалъудаса лъим чвахулеб бак1)*

ВОДОПЛА́ВАЮЩ//ИЙ, -ая, -ее *зоол.* (*хIанчIазул хIакъалъулъ*) лъедолеб, лъим ххалеб, лъеда букIунеб; **~ие пти́цы** лъедолел (лъелъ рукIунел) хIанчIи

ВОДОПОДЪЁМНИК *м* водоподъемник (*лъим борхалъуде бахинабизе бараб бак1)*

ВОДОПОДЪЁМНЫЙ, -ая, -ое лъим борхалъуде (эхеде) бахинабулеб; ~ **механи́зм** лъим борхалъуде (эхеде) бахинабулеб механизм

ВОДОПО́Й *м* **1.** (*место*) боцIи гьекъолеб бакI **2.** (*поение скота*) боцIи гьекъезаби

ВОДОПРОВО́Д *м* **1.** лъим бачин (рогIраздасан) **2.** лъим бачунел рогIрал (трубаби)

ВОДОПРОВО́ДН//ЫЙ, -ая, -ое лъим бачунеб (бачиналъул); **~ая труба́** лъим бачунеб труба (лъел труба)

ВОДОПРОВО́ДЧИК *м* лъим бачунев, лъел нухъ къачIалев чи

ВОДОПРОНИЦА́ЕМОСТЬ *ж* гъорлъан лъим бакки (биччай)

ВО́ДОПРОНИЦА́ЕМЫЙ, -ая, -ое гъорлъан лъим баккулеб (биччалеб); ~ **грунт** гъорлъан лъим биччалеб (баккулеб) ракь

ВОДОРАЗБО́РН//ЫЙ, -ая, -ое: **~ая коло́нка** лъадал колонка (*къватIахъ букIунеб*)

ВОДОРАЗДЕ́Л *м геогр.* кIиго рахъалде лъим бикьизабулеб борхалъи

ВОДОРАЗДЕ́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое лъим бикьизабулеб; ~ **хребе́т** лъим бикьизабулеб мугIрул щоб (бал)

ВОДОРО́Д *м* водород (*хим. элемент, газ*)

ВОДОРО́ДН//ЫЙ, -ая, -ое *хим.* водородалъул; **~ая бо́мба** водородалъул бомба

ВО́ДОРОС//ЛИ *мн.* (*ед.* **~ль** *ж*) *бот.* лъелхер (*лъадалъ бижулеб хер*)

ВОДОСБРО́С, ВОДОСЛИ́ВН *м* плотинабазда, лъим цIунулел бакIазда тIокIаб лъим чвахизе гьабураб санагIалъи

ВОДОСНАБЖЕ́НИЕ *с* лъеда хьезари, лъим букIинаби; **городско́е** ~ шагьар лъеда хьезаби

ВОДОСПУ́СК *м* лъим биччалеб бакI (*плотинабазда, лъим цIунулел бакIазда лъим биччалеб труба*)

ВОДОСТО́К *м* лъел гомог, рогIоро

ВОДОСТО́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое лъим чвахизе (бегизе, биччазе) бугеб; **~ая кана́ва** лъим чвахулеб канава (рахъ); **~ые тру́бы** лъим чвахулел рогIрал (трубаби)

ВОДОХРАНИ́ЛИЩЕ *с* лъим цIунулеб бакI (хIор)

ВО́ДОЧНЫЙ, -ая, -ое гIаракъидул

ВОДРУЖА́ТЬ *несов. см.* **водрузи́ть**

ВОДРУЗИ́ТЬ *сов. что* (*кибниги борхалъуда*) чIван щула гьабизе; ~ **зна́мя побе́ды** бергьенлъиялъул байрахъ чIвазе

ВОДЯНИ́СТ//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*содержащий влагу*) лъим хIалаб (гьарзаяб); **~ый карто́фель** лъим хIалаб картошка 2) *перен.* (*бесцветный - о глазах*) кьер гьечIеб, кьерукъаб

ВОДЯ́НКА *ж мед.* водянка, лъел унти (*тIомода гъоркь лъим кколеб унти*)

ВОДЯН//О́Й[1], -а́я, -о́е 1) лъадал (лъел); **~о́й пар** лъел хIухьел 2) (*живущий, растущий в воде*) лъелъ (лъадалъ) букIунеб; **~о́й пау́к** лъадал нусиреч 3) (*приводимый в движение водой*) лъеца хIалтIизабулеб, лъел (лъадал); **~ая ме́льница** лъел гьобо

ВОДЯНО́Й[2] *м фольк.* лъадал гIиприт, лъадалияв

ВОЕВА́ТЬ *несов.* 1) (*вести войну, сражаться*) рагъизе, рагъда гIахьаллъизе; ~ **до после́днего патро́на** ахираб патрон хутIизегIан, вагъизе 2) *с кем-чем перен. разг.* (*стараться одолеть кого-что-л.*) къеркьезе, рагъ базе, къуркьизавизе жигар бахъизе

ВОЕВО́ДА *м ист.* воевода (*цебе Россиялда аскаразул, шагьаралъул, цо кIудияб административияб районалъул - воеводствоялъул - бетIер*)

ВОЕДИ́ НО *нареч.* цадахъ, цойида, цолъун; **собра́ть всех ~** киналго цойиде ракIаризе

ВОЕНАЧА́ЛЬНИК *м* аскаралъул бетIер

ВОЕНИЗА́ЦИЯ *ж по гл.* **военизи́ ровать(ся)** рагъулал шартIазда рекъезаби; рагъулал ишазе куцай; **~ промы́шленности** промышленность рагъулал шартIазда рекъезаби, рагъулал ишазе, хIажалъабазе хIадур гьаби

ВОЕНИЗИ́ РОВАТЬ *сов. и несов. кого-что* 1) рагъулал шартIазда рекъезабизе; **~ промы́шленность** промышленность рагъулал шартIазда рекъезабизе 2) (*обучать военному делу население*) рагъул ишалъе куцазе

ВОЕНИЗИ́ РОВАТЬСЯ *сов. и несов.* рагъулал шартIазда рекъон ккезе

ВОЕНКО́М *м* (*военный комиссар*) военком (*рагъулав комиссар*)

ВОЕНКОМА́Т *м* (*военный комиссариат*) военкомат (*рагъулаб комиссариат*)

ВОЕНКО́Р *м* (*военный корреспондент*) военкор (*рагъулав корреспондент*)

ВОЕ́ННО-ВОЗДУ́ ШН//ЫЙ, -ая, -ое гьавадул рагъулаб; **~ые си́ лы** гьавадул рагъулал къуватал

ВОЕ́ННО-ВРАЧЕ́БН//ЫЙ, -ая, -ое рагъулаб врачебнияб; **~ая коми́ссия** рагъулаб врачебнияб комиссия

ВОЕ́ННО-ИНЖЕНЕ́РН//ЫЙ, -ая, -ое рагъулаб инженерияб; **~ое де́ло** рагъулаб инженерияб иш

ВОЕ́ННО-МОРСК//О́Й, -а́я, -о́е ралъдал рагъулаб; **~о́й флот** ралъдал рагъулаб флот; **~а́я ба́за** ралъдал рагъулаб база

ВОЕННООБЯ́ ЗАННЫЙ, *м* рагъулаб хъулухъ тIадав (чи)

ВОЕННОПЛЕ́ННЫЙ *м* рагъулав асир

ВОЕ́ННО-ПОЛЕВО́Й, -а́я, -о́е: **~ суд** военно-полевой суд

ВОЕННОСЛУ́ ЖАЩИЙ *м* аскарияв хъулухъчи, рагъухъан

ВОЕННО-СПОРТИ́ВНЫЙ –ая, -ое рагъулабгун спорталъул

ВОЕ́ННО-СТРАТЕГИ́ ЧЕСКИЙ, -ая, -ое рагъул стратегияб

ВОЕ́НН//ЫЙ, -ая, -ое 1. рагъул(аб); **~ая промы́шленность** рагъулаб промышленность; **~ый о́круг** рагъулаб округ; **~ое вре́мя** рагъул заман; **~ые собы́тия** рагъулал лъугьа-бахъинал; **~ое учи́лище** рагъул училище; **~ая прися́га** рагъулаб гьа; **~ая вы́п-равка** рагъулаб къамартI; **~ая подгото́вка** рагъулаб хIадурлъи; **~ая помо́щь** рагъулаб кумек; **~ое положе́ние** рагъулаб хIал 2. *в знач. сущ.* **~ый** *м* аскарияв, рагъухъан

ВОЕНРУ́К *м* (*военный руководитель*) военрук (*рагъулаб нухмалъи кьолев чи*)

ВОЕ́НЩИНА *ж собир. неодобр.* военщина (*агрессивиял рагъулал къокъаби*); цохIо рагъулаб иш гурони лъангутIи

ВОЖА́К *м* 1) (*проводник*) нух бачунев (нух бихьизабулев) чи; **~ слепо́го** бецасе нух бачунев чи 2) (*в стаде*) рехъадул (рохьдол) бетIер, цебехъан 3) (*руководитель*) цевехъан, бетIер, нух малъулев чи

ВОЖА́ТАЯ *ж* вожатая

ВОЖА́ТЫЙ *м* 1) (*проводник*) нух бихьизабулев (нух бачунев) чи 2) (*руководитель пионерского отряда*) вожатый

ВОЖДЕЛЕ́НИЕ *с* шавкъ (хIасралъи, гьира) ккей (бачIин)

ВОЗ- (**ВОЗО-, ВОС-**) *глагольная приставка* 1) эхеде … (буссин, балагьи); **возноси́ть** эхеде борхизе (бахинабизе); **воздева́ть ру́ки** кверал эхеде рорхизе; **вознести́ зда́ние** ригь эхетизе; **со́лнце восхо́дит** бакъ баккулеб буго 2) цIидасан … (гьаби); **возобнови́ ть заня́ тия** занятиял цIидасан гьаризе 3) *др. разн. знач.*: **возненави́ деть** рихине; **возде́йствовать** *на кого-л. лъиениги* асар гьабизабизе

ВОЗБУДИ́МОСТЬ *ж* хIалуцунеблъун (хIалуцинабизе кIолеблъун) букIин, багъарулеблъун (багъаризабизе кIолеблъун) букIин, ццидахунеблъун (ццидахинабизе кIолеблъун) букIин; жиндие гьабураб асаралъе жаваб кьезе кIолеблъун букIин

ВОЗБУДИ́ М//ЫЙ, -ая, -ое 1) ццидахинабизе кIолеб; **легко́ ~ый челове́к** бигьаго ццидахинавизе кIолев чи 2) *физиол.* жиндие гьабураб асаралъе жаваб (реакция) кьолеб, *мас.*: хIунсидал тIуркIулеб; **~ые тка́ни** жинда хъвайдал реакция гьабулел тканал (*мас.*: *чIагояб организм*)

ВОЗБУДИ́ТЕЛЬ *м кинаб бугониги* иш багъаризабулеб (бижизабулеб, лъугьинабулеб, байбихьизабулеб) жо; **~ боле́зни** унти багъаризабулеб жо

ВОЗБУДИ́ ТЬ *сов.* 1) *что* (*вызвать*) багъаризабизе, бахъизабизе, бижизабизе, лъугьинабизе, ккезабизе; **~ аппети́ т** кваниде гьира (хьул, къасд) бижизабизе (ккезабизе); **~ не́нависть** рокьукълъи лъугьинабизе 2) *кого-что* (*взволновать*) ццидахинавизе, хIалуцинавизе, ракI хехлъизабизе, вихха-хочизавизе, гIедегIахъдизавизе, хехдаризавизе 3) *кого-что* (*восстановить против кого-л., чего-л.*) ццин багъаризабизе (*лъидехун бугониги*) 4) *что* (*поставить на обсуждение*) цебе лъезе, багъаризабизе; **~ вопро́с** суал цебе лъезе; **~ суде́бное де́ло** судалъулаб дело гьабизе

ВОЗБУДИ́ ТЬСЯ *сов.* 1) (*о мысли и чувствах*) лъугьине, бижизе, ккезе 2) (*взволноваться*) хIалуцине, ракI хехлъизе, хехдаризе

ВОЗБУЖДА́ЕМОСТЬ *ж* багъаризабизе (хIалуцинабизе, хехдаризабизе) кIвей, хIалуцунеблъун (хIалуцинабизе кIолеблъун) букIин, хехдарулеблъун (хехдаризабизе кIолеблъун) букIин, ццидахунеблъун (ццидахинабизе кIолеблъун) букIин; жиндие гьабураб асаралъе жаваб кьезе кIолеблъун букIин; **~ челове́ка** гIадан хехдарулевлъун вукIин

ВОЗБУЖДА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **возбуди́ть(ся)**

ВОЗБУЖДА́ЮЩ//ИЙ, -ая, -ее багъаризабулеб, хIалуцинабулеб, лъугьинабулеб, бижизабулеб, хехдаризабулеб, ццидахинабулеб; **~ее действие** хIалуцинабулеб (багъаризабулеб, хехдаризабулеб) асар; **~ие сре́дства** рагъаризарулел (хIалуцинарулел, хехдаризарулел) дарманал

ВОЗБУЖДЕ́НИ//Е *с* **1.** (*по гл.* **возбуди́ ть**) багъаризаби, ккезаби, лъугьинаби, бижизаби, хехдаризаби, ццидахинаби; **~е аппети́та** кваниде гьира ккезаби **2.** (*по гл.* **возбуди́ться**) багъари, хIалуцин, ккей, лъугьин, бижи, хехдари, ццидахин; **быть в си́ льном ~и** кутакалда хIалуцун букIине **3.** *физиол.* багъари, шавкъ бачIин, асар лъугьин

ВОЗБУЖДЁНН//ЫЙ, -ая, -ое хIалуцараб, хIалуцинабураб, гьалагаб, гьалаглъизабураб, ццидахараб, ццидахинабураб, багъабачаризабураб, лъугьинабураб, бижизабураб, ккезабураб; **~ое лицо́** ццидахараб (хIалуцараб, хIал бачIараб) гьумер

ВОЗВЕДЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **возвести́**) 1) (*сооружения*) эхети, бай; **~ зда́ния** мина (ригь, рукъ) бай 2) (*в сан и т. п.*) борхизаби, эхеде гьаби; даража бахинаби; **~ в чин** чиналде вахинави 3) *мат.*: **~ в квадра́т** квадраталде бахинаби

ВОЗВЕЛИЧЕ́НИЕ *с* кIодо гьаби, бецци, эхеде бахинаби

ВОЗВЕЛИ́ ЧИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **возвели́ чить(ся)**

ВОЗВЕЛИ́ ЧИТЬ *сов. кого-что* кIодо гьабизе, беццизе, эхеде бахинабизе; **~ свой наро́д** жиндирго халкъ кIодо гьабизе (беццизе)

ВОЗВЕЛИ́ЧИТЬСЯ *сов.* тIадегIанлъизе, борхалъизе, эхеде (тIадегIан) бахине

ВОЗВЕСТИ́ *сов.* 1) *что* (*соорудить*) эхетизе, базе, бахъун чIезабизе (*ригь*); **~ сте́ны** къадал разе; **~ зда́ние** мина (ригь, рукъ) базе 2) *кого-что во что* (*в сан и т. п.*) вахинавизе (даражаялде, чиналде) 3) *мат.* бахинабизе; **~ пять в квадра́т** щуго квадраталде бахинабизе 4) *кого-что во что* (*придать особе значение*) -лъун гьабизе; **~ в зако́н** законлъун гьабизе; **~ в при́ нцип** принциплъун гьабизе ◊ **~ обвине́ние** *на кого-л. лъидениги* гIайиб гIунтIизабизе; **~ на престо́л** тахиде (пачалъиялде) вахинавизе

ВОЗВЕСТИ́ТЬ *сов. что, о чем* лъазабизе (*кIвар бугеб жоялъул хIакъалъулъ кIудияб къагIидаялда);* **~ о побе́де** бергьен-лъиялъул хIакъалъулъ лъазабизе

ВОЗВЕЩА́ТЬ *несов. см.* **возвести́ ть**

ВОЗВОДИ́ ТЬ *несов. см.* **возвести́**

ВОЗВРА́Т *м* 1. (*по гл.* **возврати́ть**) тIадбуссинаби, нахъбу-ссинаби, нахъекьей; **~ до́лга** налъи нахъбуссинаби (тIадбуссинаби, бецIи); **~ ссу́ды** къарз нахъбуссинаби (тIадбуссинаби, бецIи) 2. (*по гл.* **возврати́ться**) тIадбуссин, нахъбуссин, бецIи, нахъе бачIин (щвей) 3. (*возобновление*) нахъбуссин, тIадбуссин, цIилъи, цIидасан байбихьи; **~ боле́зни** унти цIилъи ◊ **без ~а** тIадбуссинчIого, нахъбуссинчIого, кидагоялъе, тIубанго

ВОЗВРАТИ́ТЬ *сов.* 1) *кого-что* (*вернуть*) нахъбуссинабизе, тIадбуссинабизе, нахъе кьезе; **~ кни́ гу** тIехь нахъбуссинабизе (тIадбуссинабизе, нахъе кьезе); **~ права́** ихтиярал тIадруссинаризе (нахъруссинаризе) 2) *что* (*восстановить, вновь обрести*) бахъун чIезабизе, рукIалиде (букIухъе) ккезабизе; **~ здоро́вье** сахлъи букIинабизе (бачIинабизе) 3) *кого-что* (*заставить вер-*

нуться) тIадвуссинавизе, нахъсуссинавизе; ~ **с полдоро́ги** бащдаб нух тедал, тIадвуссинавизе (нахъвуссинавизе)

ВОЗВРАТИ́//ТЬСЯ *сов.* 1) (*вернуться*) тIадбуссине, нахъбуссине; **~ться с пути́** нухдаса тIадбуссине 2) (*восстановиться*) тIадбуссине, нахъбуссине, буссине, гъоркьго букIараб хIалалде ккезе; **здоро́вье ~лось** сахлъи букIараб хIалалде ккана 3) *к кому-чему* (*приняться за прошлое*) аралде тIадвуссине; **~мся к на́шим заня́тиям** нилъер занятиязде тIад руссинин

ВОЗВРА́ТН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*обратный*) тIадбуссунеб, нахъбу-ссунеб; **~ый путь** тIадруссунеб (нахъруссунеб) нух 2) (*о болезни*) тIадбуссунеб, зама-заманалдасан цIилъулеб; **~ый тиф** тIад буссунеб (цIилъулеб) цIадулунти 3) (*подлежащий возврату*) нахъбу-ссинабизе (тIадбуссинабизе) кколеб; **~ая ссу́да** тIадбуссинабизе кколеб къарз

ВОЗВРАЩА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **возврати́ть(ся)**

ВОЗВРАЩЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **возврати́ть**) тIадбуссинаби, нахъбуссинаби, нахъбуссинабун (тIад буссинабун) бачIин **2.** (*по гл.* **возврати́ться**) тIадбуссин, нахъбуссин, нахъбуссун (тIад буссун) бачIин

ВОЗВЫ́ СИТЬ *сов. кого-что* 1) (*увеличить*) кIодолъизабизе, цIикIкIинабизе 2) *перен.* (*облагородить*) кIодо гьавизе, даража борхизабизе, тIадегIанаб даражаялде вахинавизе; ~ *кого-л.* в **глаза́х други́ х** цогидазда цеве *щивниги* кIодо гьавизе (тIадегIанаб даражаялде вахинавизе)

ВОЗВЫ́СИ//ТЬСЯ *сов. прям., перен.* тIадегIанлъизе, тIадегIан бахине, цIикIкIине; **у́ровень воды́ ~лся** лъадал гьумер тIадегIан бахана; **~ться в до́лжности** хъулухъалда тIадегIанлъизе (тIадегIан вахине), эхеде вахине

ВОЗВЫША́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **возвы́сить(ся)**

ВОЗВЫШЕ́НИЕ *с* 1. (*по гл.* **возвы́сить**) кIодо гьаби, цIикIкIинаби, борхизаби 2. (по гл. **возвы́ситься**) эхеде (тIадегIан) бахин, цIикIкIин; тIадегIанлъи щвей *(хъулухъ)* 3. (*высокое место*) борхалъи, борхатаб бакI

ВОЗВЫ́ШЕННОСТЬ *ж* 1) *геогр.* борхалъи, борхатаб бакI; гохIал, щобал ругеб бакI 2) (*мыслей, чувств*) тIадегIанлъи (*пикрабазул, рекIел асар-хIалалъул ва ц.*); ~ **иде́й** идеябазул тIаде-гIанлъи

ВОЗВЫ́ ШЕН//ЫЙ, -ая, -ое 1) борхатаб, эхеде борхараб, тIадегIанаб 2) (*о мыслях, чувствах*) тIадегIанаб; **~ые це́ли** тIадегIанал мурадал;**~ые чу́вства** тIадегIанал рекIел асарал

ВОЗГЛА́ВИТЬ *сов. кого-что* бетIерлъи гьабизе; ~ **коми́ ссию** комиссиялъе бетIерлъи гьабизе

ВОЗГЛАВЛЯ́ ТЬ *несов. см.* **возгла́вить**

ВО́ЗГЛАС *м* гьаракь; ~ **ра́дости** рохалил гьаракь

ВОЗГОРА́ТЬСЯ *несов. см.* **возгоре́ться**

ВОЗГОРДИ́ТЬСЯ *сов. чем* чIухIизе, гIамал кIодолъун лъугьине

ВОЗГОРЕ́//ТЬСЯ *сов.* 1) *уст.* цIа рекIине (хурхине), бу-хIизе; **из и́скры возгори́тся пла́мя** цIадул цIвабзаздасан лагьараб цIа рекIина 2) *перен.* (*внезапно возникнуть*) цойидасанго багъаризе, баккизе, борхизе (*мас.*: *рагъ, дагIба ва ц.*); **~лось революцио́нное движе́ние** революциялъулаб багъа-бачари цойидасанго байбихьана

ВОЗДАВА́ТЬ *несов. см.* **возда́ть**

ВОЗДА́ТЬ *сов.* 1) *что* кьезе, гьабизе; ~ **до́лжное** кколеб хIурмат (адаб-хъатир) гьабизе 2) *чем* жаваб кьезе; ~ **добро́м за зло** квешлъиялъухъ лъикIлъи гьабизе, квешлъиялъе лъикIлъиялдалъун жаваб кьезе

ВОЗДВИГА́ТЬ *несов. см.* **воздви́ гнуть**

ВОЗДВИ́ ГНУТЬ *сов. что* базе, эхетизе, гьабизе; ~ **зда́ние** ригь (мина, рукъ) базе (эхетизе)

ВОЗДЕ́ЙСТВИЕ *с* асар гьаби; гьабизе тIами; **физи́ ческое** ~ зулму-хIалалдалъун гьабизе тIами; **мора́льное** ~ *на кого-л. лъиениги* моралияб асар гьаби

ВОЗДЕ́ЙСТВОВАТЬ *сов. и несов. на кого-что* асар гьабизе (лъугьинабизе); ~ **на ребёнка ла́ской** лъимадуе веэдиялдалъун асар гьабизе (лъугьинабизе); ~ *на кого-л.* **си́ лой** къуваталдалъун *лъиениги* асар гьабизе

ВОЗДЕ́ЛАТЬ *сов. см.* **возде́лывать**

ВОЗДЕ́ЛЫВАНИЕ *с* (*по гл.* **возде́лывать**) хIалтIизаби (*ракь*), къачIай, хъулухъ гьаби, гIезаби, бижизаби

ВОЗДЕ́ЛЫВАТЬ *несов. что* 1) (*обрабатывать*) хIалтIизабизе (*ракь*), къачIазе, хъулухъ гьабизе; ~ **зе́млю** ракь хIалтIизабизе 2) (*выращивать*) бекьун гIезабизе, бижизабизе; ~ **овощны́ е культу́ры** бахчаялъулал культураби гIезаризе (рижизаризе)

ВОЗДЕРЖА́ВШИ//ЙСЯ *м* цонигиязул рахъ кквечIев, гьаракь кьечIев; **при голосова́нии ~хся не́ было** гьаркьие лъолаго, гьаракь кьечIел рукIинчIо

ВОЗДЕРЖА́НИЕ *с* 1) цIуна-къай, исрап гьечIолъи, тIокIал жал гьарунгутIи 2) гьаракь кьунгутIи (*рищиялда ва ц.*)

ВОЗДЕ́РЖАННОСТЬ *ж* тIокIлъи биччангутIи, цIуна-къай, бакIа-бахари, исрап гьабунгутIи; ~ **в еде́** кванилъ тIокIлъи биччангутIи, дагь кванан чIей

ВОЗДЕ́РЖАННЫЙ, -ая, -ое тIокIаб жо гьабуларев, гьоркьохъеб куцалъ вукIунев, цIуна-къарав, исрап гьабуларев; ~ **челове́к** тIокIаб жо гьабуларев чи

ВОЗДЕРЖА́ТЬСЯ *сов. от чего* гьабичIого чIезе; ~ **от куре́ния** хъалиян цIачIого, чIезе; ~ **от голосова́ния** гьаракь кьечIого (квер борхичIого), чIезе

ВОЗДЕ́РЖИВАТЬСЯ *несов. см.* **воздержа́ться**

ВО́ЗДУХ *м в разн. знач.* гьава; **све́жий** ~ бацIцIадаб гьава; **вы́йти на** ~ (*кватIиве*) гьаваялде вахине; **быва́ть на ~е** бацIцIадаб гьаваялда вукIине; **наду́ть шар ~ом** шар гьаваялъ понцIозе; **орёл кружи́ тся в ~е** цIум гьаваялда сверулеб буго ◊ **~!** *воен.* воздух! (*гьаваялде тушманасул самолетал рачIиндал, гIадамал рахчизе гьабулеб буюрухъ*)

ВОЗДУХООЧИ́ СТИТЕЛЬ *м* хIуралдаса *ва ц.* гьава бацIцIад гьабулеб алат

ВОЗДУХОПЛА́ВАНИЕ *с* гьаваялда роржанхъи (роржин)

ВОЗДУХОПЛА́ВАТЕЛЬ *м* гьаваялда воржанхъулев чи

ВОЗДУХОПЛА́ВАТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое гьаваялда роржанхъиялъул(аб)

ВО́ЗДУШНО-ДЕСА́НТН//ЫЙ, -ая, -ое гьавадул десанта-лъул(аб); **~ые войска́** гьавадул десантаЛъулал аскарал

ВОЗДУ́ ШНО-КОСМИ́ ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое гьавадулгин космосалъулаб; **~ое простра́нство** гьавадулгин космосалъулаб гIа-тIилъи

ВОЗДУ́ ШНО-РЕАКТИ́ ВНЫЙ, -ая, -ое гьавадулгин реактивияб; ~ **дви́ гатель** гьавадулгин реактивияб мотор (двигатель)

ВОЗДУ́ ШН//ЫЙ, -ая, -ое 1) гьавадул, гьаваялъул; **~ое простра́нство** гьавадул гIатIилъи; **~ые перево́зки** гьаваялдасан баччи; **~ый пото́к** гьавадул чвахи 2) гьорол, гьавадул; **~ое охлажде́ние** гьороца (гьаваялъ) цIорозаби; **~ая волна́** гьавадул карачел; **су́дно на ~ой поду́шке** гьавадул къандалъоялда бугеб гама 3) *перен.* тIадагъаб; **~ая похо́дка** тIадагъаб рилъгьин 4) (*относящийся к авиации*) авициялъул, гьавадул; **~ый кора́бль** гьавадул гама; **~ый деса́нт** гьаваялдасан рехулеб десант ◊ **стро́ить ~ые за́мки** гьавадулал хиялал, тIураларел анищал гьаризе

ВОЗЗВА́НИЕ *с* ахIи, хитIаб

ВОЗЗРЕ́НИ//Е *с* бербалагьи, пикру, ракIчIей; **материалисти́ческие ~я** материалистиял пикраби (бербалагьиял)

ВОЗИ́ ТЬ *несов.* 1) *кого-что* баччизе; ~ **дрова́ из ле́са** рохьоса цIул баччизе; ~ **по́чту** поч баччизе 2) *чем по чему разг.* бачине; ~ **рукаво́м по столу́** столалда тIасан къвал бачине

ВОЗИ́ //ТЬСЯ *несов. в разн. знач.* квалквадизе, *сунденги* тIаделъизе, машгъуллъун вукIине, халат бахъараб чIамучIаб иш гьабизе; **де́ти ~лись на полу́** лъимал чIарбида квалквадулел рукIана; **он во́зится с детьми́** дов лъималазде машгъуллъун вуго; **~ться с неуспева́ющими ученика́ми** цIалулъ хадур гъоларел цIалдохъабазде тIаделъизе(цIалдохъабигун халтIизе)

ВОЗЛАГА́ТЬ *несов. см.* **возложи́ ть**; ~ **наде́жды** *на кого-что лъиденити-сунденги* хьул гьабизе

ВО́ЗЛЕ 1. *нареч.* (*очень близко, рядом*) аскIоб, хьибилалда, гIагарда; **он живёт ~** дов аскIовегIан гIумру гьабулев вуго 2. *предлог с род. п.* (*близ, у, подле*) аскIоб, хьибилалда, гIагарда; **он живёт ~ нас** дос нижеда аскIоб (гIагарда) гIумру гьабулеб буго; **маши́ на останови́ лась ~ до́ма** машина рукъалда аскIоб чIана

ВОЗЛИКОВА́//ТЬ *сов.* вохизе (*кутакалда*); **нарО́д ~л** халкъ цIакъ бохана

ВОЗЛОЖЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **возложи́ ть**) 1) тIад лъей; ~ **венко́в** тIугьдузул горал (*тIад*) лъей 2) тIад къай; ~ *на кого-л.* **о́бщее руково́дство** гIаммаб нухмалъи *лъиданиги* тIад къай

ВОЗЛОЖИ́ ТЬ *сов. что на кого-что* 1) (*положить*) (*тIад*) лъезе; ~ **венки́ на моги́ лу (к моги́ ле)** тIугьдузул горал хабада (*тIад*) лъезе 2) (*поручить*) тIад къазе; ~ **руково́дство** нухмалъи тIад къазе; ~ **отве́тственность** жавабиявлъун гьавизе

ВОЗЛЮ́ БЛЕННАЯ *ж* рокьи (гIишкъу) ккарай, йокьулей

ВОЗЛЮ́ БЛЕНН//ЫЙ, -ая, -ое 1. бокьулеб; **~ый ребёнок** бокьулеб лъимер 2. *в знач. сущ.* **~ый** *м* вокьулев; **её ~ый** долъул вокьулев

ВОЗМЕ́ЗДИЕ *с* рецIел, къисас, хIакъ, тамихI; **справедли́ вое** ~ битIараб тамихI

ВОЗМЕСТИ́ТЬ *сов. что чем* бецIизе; ~ **убы́тки** зарал бецIизе; ~ **поте́рянное вре́мя усиленной работой** гIадада араб заман кутакалда хIалтIиялдалъун бецIизе

ВОЗМЕЩА́ТЬ *несов. см.* **возмести́ ть**

ВОЗМЕЩЕ́НИЕ *с* 1. (*по гл.* **возмести́ ть**) бецIи; ~ **расхо́дов** расходал (гьарурал харжал) рецIи 2. (*то, чем возмещается*) рецIел; **получи́ ть ~ за убы́ тки** ккараб заралалъухъ рецIел щвезе

ВОЗМО́ЖНО 1. *нареч. со сравн. ст.* кIванагIан, рес бегьарабгIан (рекъанагIан); **сде́лать ~ лу́чше** кIванагIан лъикI гьабизе 2. *в знач. сказ.* букIине бегьула; **э́ то ~** гьеб букIине бегьула 3. *в знач. вводн. сл.* (*вероятно*) букIине (батизе) бегьула; **он, ~, уе́хал** бегьулареб жо гуро, дов ун ватизе бегьула

ВОЗМО́ЖНОСТ//Ь *ж* 1) рес (*букIин*); ~ **реше́ния вопро́са** суал тIубазе рес букIин 2) (*условия для чего-л.*) санагIалъи; **~ь пое́хать на юг** югалде ине санагIалъи 3) *мн.* **~и** шартIал, ресал; **произво́дственные ~и** производствоялъулал ресал (шартIал) ◊ **по ме́ре ~и** рес рекъараб къадаралда, санагIаталде балагьун

ВОЗМО́ЖН//ЫЙ, -ая, -ое 1. (*допустимый, вероятный*) букIине (лъугьине, ккезе) бегьулеб; **~ое реше́ние** букIине бегьулеб хIукму 2. *в знач. сущ.* **~ое** *с* букIине (лъугьине, ккезе) бегьулеб жо; **сде́лать всё ~ое** бегьулебщинаб жо гьабизе

ВОЗМУЖА́Л//ЫЙ, -ая, -ое балугълъарав; **стать ~ым** балугълъаравлъун лъугьине, балугълъизе

ВОЗМУЖА́//ТЬ *сов.* балугълъизе, гIолохъанлъизе, чорхолъ щулалъизе; **сын ~л** вас балугълъана (балугълъуде вахана)

ВОЗМУТИ́ТЕЛЬНО 1. *нареч.* щин бахъунедухъ, щцин бахъинабуледухъ, щцидахунедухъ, ракI гьанцIуледухъ; ~ **ведёт себя́** щцин бахъинабуледухъ (ракI гьанцIуледухъ) хьвадулев вуго; **э́ то ~** гьелъ щцин бахъинабула (ракI гьанцIизабула)

ВОЗМУТИ́ ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое щцин бахъинабулеб, ракI гьанцIизабулеб; ~ **посту́пок** щцин бахъинабулеб (ракI гьанцIизабулеб) ши

ВОЗМУТИ́ //ТЬ *сов. кого* 1) (*вывести из себя*) щцин бахъинабизе, щцидахинавизе; **э́ тот посту́пок ~л меня** гьеб пишаялъ дир щцин бахъинабуна 2) *уст.* (*побудить к мятежу*) гъалмагъир, питна багъаризабизе

ВОЗМУТИ́ //ТЬСЯ *сов.* 1) *чем* (*выйти из себя*) щцин бахъине, щцидахине; **я ~лся, когда́ уви́ дел несправедли́ вость** тIекълъи бихьидал, дир щцин бахъана 2) *уст.* (*поднять мятеж*) яргъид гIуцIараб питна гьабизе (*хIукуматалда данде*)

ВОЗМУЩЕ́НИЕ *с* 1. (*по гл.* **возмути́ ть**) щцидахинаби, щцин бахъинаби 2. (*по гл.* **возмути́ ться**) щцидахин, щцин бахъин

ВОЗМУЩЁННЫЙ, -ая, -ое щцидахараб, щцин бахъараб; ~ **оте́ц** щцидахарав эмен; ~ **вид** щцидахараб куц

ВОЗНАГРАДИ́ ТЬ *сов. кого-что* мустахIикъасе рекъараб сайгъат (шапакъат) кьезе; ~ **за труд** хIалтIухъ кколеб шапакъат кьезе

ВОЗНАГРАДИ́ТЬСЯ *сов.* (*сундухъниги*) мустахIикъаб сайгъат (награда, шапакъат) щун, (*щивниги*) разилъизе

ВОЗНАГРАЖДА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **вознагради́ ть(ся)**

ВОЗНАГРАЖДЕ́НИЕ *с* 1. (*по гл.* **вознагради́ ть**) *лъениги сундухъниги* сайгъат (награда, шапакъат) кьей; ~ **за хоро́шую рабо́ту** лъикIаб хIалтIухъ сайгъат кьей 2. (*награда*) сайгъат (награда, шапакъат), сайгъаталъе кьураб жо

ВОЗНЕГОДОВА́ТЬ *сов. на кого-что* щцин бахъине, щцидахине

ВОЗНЕНАВИ́ДЕТЬ *сов. кого-что* кутакалда рихине, рокьукълъизе, бихьизе бокьунгутIизе

ВОЗНЕСТИ́ *сов. кого-что* 1) (*поднять вверх*) эхеде борхизе (бахинабизе) 2) *перен.*: ◊ ~ **до небе́с** *кого-л. ирон.* зодове вахинавизе, зодове вахинавун, вещцизе, кIодо гьавизе

ВОЗНЕСТИ́ СЬ *сов.* 1) (*подняться ввысь*) эхеде (борхалъуде) бахине 2) разг. (*возгордиться*) чIухIизе, гIамал кIодолъизе

ВОЗНИКА́ТЬ *несов. см.* **возни́ кнуть**

ВОЗНИКНОВЕ́НИЕ *с* (*зарождение, начало*) лъугьин, бакки, бижи, ккей; ~ **жи́зни на земле́** дунялалда чIаголъи (гIумру) бижи; ~ **пожа́ра** цIа ккей

ВОЗНИ́К//НУТЬ *сов.* (*зародиться, появиться*) лъугьине, бижизе, ккезе, баккизе; **когда́ ~ла жизнь на земле́?** дунялалда чIаголъи кида бижараб (баккараб)?; **у него́ ~ла мысль . . .** досул пикру ккана . . .

ВОЗНИ́ ЦА *м* файтончи, гьокочи, файтон (гьоко) бачунев чи

ВОЗНОСИ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **вознести́ (сь)**

ВОЗН´/Я´ *ж* 1) (*шум*) хъуй, хъуй-хъай; **де́ти подня́ ли ~ю** лъималаз хъуй-хъай бахъинабуна 2) (*хлопоты*) квали, квалквади (*лъугIи гьечIеб чIамучIаб хIалтIи, чIамучIаб хIалтIулъ къай*); **мно́го ~и́ с огоро́дом** бахчаялда гIемер хIалтIи букIана, бахчаялда гIемер квалквадизе ккола 3) *перен.* (*интриги*) хIилла-макру, хIилла-макруял ишал

ВОЗОБНОВИ́ ТЬ *сов. что* цIи гьабизе, цIидасан байбихьизе; ~ **рабо́ту** хIалтIи цIидасан байбихьизе; ~ **пре́рванный разгово́р** гьоркьоб къотIараб хабар цIидасан байбихьизе

ВОЗОБНОВИ́//ТЬСЯ *сов.* цIилъизе, цIидасан байбихьизе; **заня́ тия ~лись** дарсал цIидасан байбихьана

ВОЗОБНОВЛЕ́НИЕ *с* 1. (*по гл.* **возобнови́ ть**) цIигьаби, цIидасан байбихьи 2. (*по гл.* **возобнови́ться**) цIилъи, цIидасан байбихьи; ~ **суде́бного де́ла** судалъул дело цIидасан байбихьи

ВОЗОБНОВЛЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **возобнови́ ть(ся)**

ВОЗОМНИ́ ТЬ *сов.*: ~ **о себе́** живго цIакъав чилъун ккезе

ВОЗРАЖА́//ТЬ *несов. см.* **возрази́ ть; вы не ~ете?** дур разилъунгутIи (тIадкIалъай, дандечIей) букIинищ?; **я не ~ю** дир дандечIей (разилъунгутIи) букIунаро (гьечIо)

ВОЗРАЖЕ́НИ//Е *с* разилъунгутIи, дандечIей, тIадкIалъай, данде бугеб хIужа-далил; **без ~й** тIадкIалъай (дандечIей) гье-чIого; **не слу́шая ~й** дандечIеялъухъ (тIадкIалъаялъухъ, данде бугеб хIужа-далилалъухъ) гIенеккичIого

ВОЗРАЗИ́ТЬ *сов.* разилъунгутIизе, данде чIезе, тIад кIалъазе; данде хIужа-далил бачине; ~ **докла́дчику** докладчиясда разилъунгутIизе, разилъунгутIиялъе хIужа-далил бачине

ВО́ЗРАСТ *м* гIел, гIумру, бижаралдаса (гьабуралдаса) бараб заман; **в де́тском ~е** лъимадул гIумруялда; **челове́к прекло́нного ~а** кIодолъарав (херлъуда варав) чи; **призывно́й ~** армиялде ахIулеб гIел; **де́ти шко́льного ~а** школалъул гIелалъул лъимал; **в ~е двадцати́ лет** къого сонил гIумруялда; **он одного́ ~а с тобо́й** дов дургун гIел бащадав вуго

ВОЗРАСТА́НИЕ *с* гIей, бижи, цIобай, кIодолъи, кIудияб гIей

ВОЗРАСТА́ТЬ *несов. см.* **возрасти́**

ВОЗРАСТИ́ *сов.* гIезе, кIодолъизе, кIудияб гIезе, цIикIкIине, кутаклъизе; **населе́ние возросло́** халкъ цIикIкIана; **возросли́ тре́бования** тIалабал цIикIкIана

ВОЗРАСТН//О́Й, -а́я, -о́е гIумруялъулаб, бараб заманалда (рарал соназда, гIумруялда) хурхараб; **~ое явле́ние** гIелалъулаб (рарал соназда хурхараб) иш; **~ые измене́ния** рарал соназда хурхарал хиса-басиял

ВОЗРОДИ́ ТЬ *сов. кого-что* цIилъизабизе, цIидасан гьабизе (бижизабизе), цебе букIахъе ккезабизе; ~ **промы́шленность** промышленность цIилъизабизе

ВОЗРОДИ́ //ТЬСЯ *сов.* цIилъизе, цIидасан бижизе, цIилъун бачIине; **се́льское хозя́йство бы́стро ~ло́сь** росдал магIишат хехго цIилъана; **промы́шленность ~лась** промышленность цIилъана

ВОЗРОЖДА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **возроди́ ть(ся)**

ВОЗРОЖДЕ́НИЕ *с* 1. (*по гл.* **возроди́ ть**) цIилъизаби 2. (*по гл.* **возроди́ться**) цIилъи; ~ **городо́в** шагьарал цIилъи; ~ **наро́дного хозя́йства** халкъияб магIишат цIилъи ◊ **эпо́ха Возрожде́ния** ЦIилъиялъул эпоха (*Европаялда 15-16 веказда гIелму ва искусство цIидасан цебе тIезе лъугьараб заман*)

ВО́ЗЧИК *м* (*чол*) гьакица юк баччулев хIалтIухъан, гьакихъан

ВОЗЫМЕ́//ТЬ *сов. что щибниги* лъугьине байбихьизе; **лека́рство ~ло де́йствие** даруялъ асар гьабизе байбихьана

ВОЗЬМУ́ (СЬ), ВОЗЬМЁШЬ(СЯ) *и т.д. буд. от* **взя́ ть(ся)**

ВО́ИН *м* рагъухъан, аскарияв, солдат

ВО́ИНСК//ИЙ, -ая, -ое аскаралъул(аб), рагъулаб; **~ая обя́занность** рагъухъанасул борч; **~ая прися́га** рагъухъанасул гьа; **~ое зва́ние** рагъухъанасул(аб) (аскарияб) звание, цIар; **~ая часть** рагъулаб часть

ВОЙНСТВЕНН//ЫЙ, -ая, -ое 1) багъизе хIадураб, рагъу-хъанмахIаб, хIинкъулареб, бер къалареб, нахъе къалареб, бахIарчияб, къвакIараб; **~ый наро́д** багъизе хIадураб (къвакIараб, бахIарчияб, хIинкъулареб халкъ 2) (*связанный с войной*) рагъулаб, рагъде гьетIараб (цIайи бугеб), рагъалда хурхараб, рагъде хIадурлъулеб; **~ые пла́ны** рагъулал планал 3) *перен.* **~ый вид** вагъулесул (вагъун ругъунасул, вагъизе хIадурасул) гIадаб куц (сипат)

ВО́ИНСТВУЮЩИЙ, -ая, -ее *сунденги* данде, бетIералде босун (гурхIел тун) къеркьолеб

ВОЙСТИНУ *нареч. высок.* унго-унго, битIухъего, абухъего; **~ вели́кие зада́чи** унго-унголъун чIахIиял масъалаби

ВОЙ *м* 1) руруди, руруй, гIавусди; **~ соба́ки** гьойдул руруди; **~ ве́тра** гьорол руруй 2) *разг.* (*плач*) гьуя-гьарай, гIоди, гIергIеди

ВО́ЙЛОК *м* буртина *(гъоркь тIамулеб);* **кусо́к ~а** буртинадул кесек

ВО́ЙЛОЧН//ЫЙ, -ая, -ое буртинадул; **~ая шля́па** буртинадул шляпа

ВОЙН//А́ *ж* рагъ, кьал; **Вели́кая Оте́чественная ~á** КIудияб ВатIанияб рагъ; **граждáнская ~á** граждан (гражданияб) рагъ; **мирова́я ~á** тIолабго дунялалъул рагъ; **объяви́ть ~ý** рагъ лъазабизе; **нам ~á не нужна́** нижее рагъ хIажат (кьваригIун) гьечIо

ВО́ЙСК//О *с* аскар; **сухопу́тные ~á** ракъдада рукIунел аскарал; **инжене́рные ~á** инженериял аскарал; **наёмные ~á** мухьдахъ ккурал аскарал

ВОЙСКОВ//О́Й, -а́я, -о́е аскаралъул(аб); **~а́я артилле́рия** аскаралъул(аб) артиллерия; **~ы́е соедине́ния** аскаразул соединениял

ВОЙТИ́ *сов. во что* 1) жанибе (гъорлъе, гьоркьобе) ине (лъугьине); **~ в во́ду** лъелъе лъугьине; **войдите!** жанире лъугьа! 2) (*проникнуть в глубь*) гьварилъуде (борчIизе); **лопа́та вошла́ в зе́млю** бел ракьулъе къан ана 3) (*включиться*) гьоркьобе (гъорлъе) ине; **~ в состáв коми́ссии** комиссиялда гъорлъе ине 4) (*вместиться*) гьине; **кни́ги не вошли́ в шкаф** тIахьал шкафалъур гьинчIо 5) (*вникнуть*) тIинде ваккизе, хIакъикъат лъазабизе (бичIчIизабизе); **~ в суть де́ла** ишалъул хIакъикъат бичIчIизабизе (лъазабизе) 6) (*начать что-л., стать чем-л.*) *щибниги* гьабизе лъугьине, байбихьизе; **~ в перегово́ры** гара-чIвари гьабизе лъугьине; **~ в привы́чку** гIадатлъун лъугьине ◊ **~ во вкус** ругьунлъизе, тIагIам лъазе; **~ в дове́рие** жинда божулевлъун лъугьине, жиндаго божилъи лъугьинабизе; **~ в долги́** налъукье лъугьине; **~ в дру́жбу** гьудуллъи гьабизе, гьудуллъун лъугьине; **~ в исто́рию** историялде гъорлъе (гьоркьобе) ине; **~ в послóвицу** кицилъун лъугьине

ВОКАЛИЗА́ЦИЯ *ж муз.* вокализация (*текст гьечIого, кечI ахIизе, бакъан бачине ругьун гьари*)

ВОКАЛИ́ЗМ *м лингв.* вокализм (*мацIалъул рагьарал гьаркьазул система*)

ВОКАЛИ́СТ *м* кочIохъан

ВОКА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое кечI ахIиялъул(аб); **~ое иску́сство** кечI ахIиялъул искусство

ВОКЗА́Л *м* вокзал; **железнодоро́жный ~** махул нухлул вокзал

ВОКЗА́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое вокзалалъул

ВОКРУ́Г *нареч. и предлог с род. п.* сверухъ; **огляну́ться ~** сверухъе балагьизе; **сесть ~ стола́** столалда сверухъ гIодор чIезе

ВОЛ *м* оц; **рабóтать как ~** оц гIадин хIалтIизе

ВОЛА́Н *м* волан (1**.** *руччабазул гурдида берцинлъиялъе тIасан гIебса букъараб тIадагьаб ххамил яги гуржибадул чIоло; 2. спорт. бадминтон хIалелъул, ракеткабаз цоцахъе кьабулеб жо*); **кружевно́й ~** гуржибадул волан; **~ для игры́ в бадминто́н** бадминтон хIазе бугеб волан (бадминтоналъул волан)

ВОЛДЫ́РЬ *м* пул; **у меня́ на па́льце ~** дир килщида пул буго

ВОЛЕВ//О́Й, -а́я, -о́е ияхI (кверщел) бугеб, кверщалилаб; **~о́й челове́к** ияхI (кверщел) бугев чи; **~ой команди́р** къвакIараб хасияталъул командир; **~ое реше́ние** таваккалаб хIукму

ВОЛЕЙБО́Л *м спорт.* волейбол; **игра́ть в ~** волейбол хIазе

ВОЛЕЙБОЛИ́СТ *м* волейболист

ВОЛЕЙБОЛИ́СТКА *ж* волейболистка

ВОЛЕЙБО́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое волейболалъул; **~ая кома́нда** волейболалъул команда

ВО́ЛЕЙ-НЕВО́ЛЕЙ *нареч.* бокьаниги-бокьичIониги, хIалица; **~ согласи́лся** бокьаниги-бокьичIониги разилъана

ВОЛК *м* бацI ◊ **~ в ове́чьей шку́ре** кIигьумерав чи, гьерсихъан; **~ов боя́ться – в лес не ходи́ть** бацIазукьа хIинкъани, рохьоре унаро; **морско́й ~** гIемер хIалбихьи бугев ралъдахъан

ВОЛКОДА́В *м* бацI кколеб гьой

ВОЛНА́ *ж в разн. знач.* карачел; **морска́я ~** ралъдал карачел; **возду́шная ~** гьавадул карачел; **звукова́я ~** *физ.* гьаркьил карачел; **~ рабóчего движения** хIалтIухъабазул багъа-бачариялъул карачел

ВОЛНЕ́НИ//Е *с* 1) карачалахин, карачелал лъугьин; **~е на море́** ралъдада карачелал лъугьин 2) *перен.* (*тревога, беспокойство*) рихха-хочи, хIал бачIин, рахIат хвей; **прийти́ в ~е** рихха-хочи лъугьине (ккезе), рахIат хун лъугьине 3) *мн.* **~я** *перен.* (*массовый протест*) халкъалъул багъа-бачари, халкъияб разилъунгутIи; **~я рабóчих в стра́нах капита́ла** капиталалъул улкабазда хIалтIухъабазул багъа-бачариял

ВОЛНИ́СТ//ЫЙ, -ая, -ое карачалахараб, кIичI-кIичIараб; **~ая ли́ния** кIичI-кIичIараб мухъ; **~ые во́лосы** кIургIараб, кьураб рас; **~ая ме́стность** гохIахараб, гIумгIахараб бакI

ВОЛНИ́ТЕЛЬНЫЙ, *-ая, -ое разг. см.* **волну́ющий**

ВОЛН//ОВА́ТЬ *несов.* 1) *что* (*вызывать волны*) карачелахинабизе, карачелал лъугьинаризе; **ве́тер ~у́ет мо́ре** гьороца ралъад карачалахинабулеб буго 2) *кого перен.* (*тревожить, возбуждать*) хIалуцинавизе, рахIат хвезабизе, вихха-хочизавизе, ракI хехлъизабизе, гIедегIахъдизавизе; **отсу́тствие пи́сем ~у́ет меня́** кагътал рачIунгутIиялъ дир рахIат хвезабулеб буго

ВОЛН//ОВА́ТЬСЯ *несов.* 1) карачалахине, багъаризе, гьалаглъизе; **мо́ре ~у́ется** ралъад багъарулеб (карачалахунеб), гьалаглъулеб буго 2) рахIат хвезе, хехдаризе, гьалаглъизе, рихха-хочизе; **нельзя́ ~ова́ться из-за пустяко́в** гьадингояб жо сабаблъун рахIат хвезе бегъуларо

ВОЛНОВ//О́Й, -а́я, -о́е *физ.* карачелазул; **~о́е сопротивле́ние** карачелазул дандечIей

ВОЛНОЛО́М *м* карачелгъукъ, карачелбек, карачелкъотI, гумул чIаралъуре рачIунел карачалаби гьукъулеб сангар

ВОЛНООБРА́ЗН//ЫЙ, -ая, -ое карачелал гIадаб, карачелазул къагIидаялъул, карачелазда релълъараб; **~ые облака́** карачелал гIадал накIкIал; **~ая ме́стность** гохIахараб, гIумгIахараб бакI

ВОЛНУ́ЮЩИЙ, -ая, -ее хIайранлъизарулеб, хIайран гьарулеб; **~ спекта́кль** хIайранлъизарулеб спектакль

ВОЛО́В//ИЙ, -ья, -ье оцол, бугъил; **~ьи копы́та** оцол щанкIлал; **~ья шку́ра** оцол тIом ◊ **~ья ше́я** оцол (бугъил) гIадаб габур

ВОЛОКИ́Т//А[1] *ж* (*иш*) хадуб бехъерхъизаби, (*ишалъе*) авара гьаби, багъанаби ратун, иш хадуб бехъерхъизаби; **созда́ть ~у** авара гьабизе

ВОЛОКИ́ТА[2] *м разг. уст.* (*любитель ухаживать за женщинами*) руччабазда хадув лъугьун вукIунев чи

ВОЛОКИ́ТЧИК *м* багъаначи, аваричи (*багьанаби ратун, иш хадуб бехъерхъизабулев чи*)

ВОЛОКНИ́СТЫЙ, -ая, -ое кунахараб, кунал ругеб, куналаб

ВОЛОКНО́ *с* 1) (*нить*) кун (*кьуричIеб тIеренаб кун*); **шёлковое ~** чиллайдул кун 2) *биол.* **мы́шечные воло́кна** ччорбазул (щукIдузул) тIеренал рихьал

ВО́ЛОКОМ *нареч.* (*хадуб*) бехъерхъун; **тащи́ть ло́дку ~** раса (*хадуб*) бехъерхъун бачине

ВОЛООКИЙ, -ая, -ое берал чIахIияв, оцоберазул

ВО́ЛОС *м в разн. знач.* рас; **седóй ~** хъахIаб рас; **~ы его́ бы́ли ко́ротко стри́жены** досул рас кьокьго кьунцIун букIана; **краси́вые вью́щиеся ~ы** берцинаб кIургIараб рас; **ко́нский ~** чол (чодул) рас ◊ **дожи́ть до седы́х воло́с** херлъизегIан (хъахIрас баккизегIан) гIумру гьабизе

ВОЛОСА́Т//ЫЙ, -ая, -ое керчаб расул, расаб, рас керчаб, (керчаб) рас бижараб; **~ые ру́ки** расул цIурал кверал; **~ая грудь** рас бижараб керен

ВОЛОСИ́НКА *ж* (*цо*) рас, гьитIинаб рас

ВОЛОС//О́К *м* 1) *уменьш. от* **во́лос** 2) *бот.* рас 3) *тех.* (*металлическая нить*) расбутI, тIеренаб пружина, маххул кун; **~о́к в часово́м механи́зме** сагIтил механизмалъул расбутI ◊ **виса́ть**

на ~ке́ (расуда) носол балалда бан хутIизе; **не тро́нуть ~ка́** *у кого-л.* цохIо килищ хъвангутIизе, сунданиги хъвангутIизе

ВО́ЛОСТЬ *ж ист.* волость (*цебе росабазул бакIалда уездалда гьоркьобе унеб букIараб цо бутIа, районалдасаги гьитIинаб бак1)*

ВОЛОСЯН//О́Й, -а́я, -о́е расул(аб), рас жаниб лъураб; **~о́й матра́ц** жаниб рас лъураб ургу; **~а́я верёвка** расул квар; **~о́й покро́в** расул гъат

ВОЛОЧЁ́НИЕ *с* 1) (*по гл.* **волочи́ть**) хадуб бехъерхъи 2) *тех.* къваридаб картIинисан цIан, телалъул кун бахъи (гьаби)

ВОЛОЧЁН//ЫЙ, -ая, -ое *тех.* цIан (бахъун) гьабураб; **~ая про́волока** цIан (бахъун) гьабураб телалъул кун (*металлалъул*)

ВОЛОЧИ́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое *тех.*: **~ стан** цIан телалъул кун бахъулеб (гьабулеб) стан (станок)

ВОЛОЧИ́ТЬ *несов. кого-что* 1) *разг.* (*тянуть по земле*) ракьалдасан хадуб бехъерхъизе; **~ мешо́к с зерно́м** могьол къандалъо бехъерхъизе; **е́ле но́ги воло́чит** хIалица хIатIал рахъулел руго, хIалица гали тIамулеб буго 2) *тех.* цIан (*металлалъул кун*) гьабизе (бахъизе); **~ про́волоку** цIан металлалъул квар (кун) гьабизе (бахъизе)

ВОЛОЧИ́ТЬСЯ *несов. разг.* бахъерхъулеб букIине, бехъерхъун унеб букIине; **~ по земле́** ракьалдасан бехъерхъулеб букIине, ракьалдасан бехъерхъун унеб букIине 2) *за кем разг.* рокьи гьабун, *лъиданиги* хадув лъугьине (рокьи гьабизе)

ВОЛЧА́НКА *ж мед.* волчанка (*тIомол туберкулез*)

ВО́ЛЧ//ИЙ, -ья, -ье бацIил(аб); **~ий след** бацIил лъалкI; **~ий аппети́т** бацIилаб кваниде гъира (къасд); **~ья пасть** *мед.* бацIикIал (*къвакIараб хвенех сурукъаб куцалда бижиялъ магIарзукъалазулги кIалзулги жаниблъи цолъи*)

ВОЛЧИ́ ЦА *ж* цIуяб бацI, цIобацI, эбелаб бацI

ВОЛЧКО́М *нареч.* зенеро гIадин; **верте́ться ~** зенеро гIадин ххенезе

ВОЛЧО́К *м* (*игрушка*) гIандарак, зенеро, цIалач

ВОЛЧО́НОК *м* бацIитIинчI

ВОЛШЕ́БНИК *м* сихIручи

ВОЛШЕ́БНИЦА *ж* сихIручIужу

ВОЛШЕ́БН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*в сказке*) сихIруяб, тамашаяб, гIажаибаб; **~ая ша́пка** сихIруяб тIагъур; **~ая па́лочка** сихIруяб тIил; **~ое ца́рство** гIажаибаб ханлъи 2) гIажаибго берцинаб, хIайранлъизарулеб; **~ая ночь** гIажаибго берцинаб сордо

ВОЛШЕБСТВО́ *с* сихIру; сихIру гьаби; сихIручилъи

ВОЛЬЕ́Р *м*, **волье́ра** *ж* вольер (*хIайванал жанир тезе гьабураб маххул хъуриялъ сверун къараб гьитIинаб майданлъи*)

ВО́ЛЬНИЧАТЬ *несов. разг.* бокьа-бокьараб гьабизе, квелъ бахъун вукIине

ВО́ЛЬНО *нареч.* эркенго, бокьухъе; **вести́ себя́** ~ бокьухъе вукIине (хьвадизе) ◊ **~!** (*команда*) вольно!

ВОЛЬНОДУ́МЕЦ *м уст.* эркенаб пикруялъулав (*чи*)

ВОЛЬНОЛЮБИ́ВЫЙ, -ая, -ое эркенлъи бокьулеб; **~ наро́д** эркенлъи бокьулеб халкъ

ВО́ЛЬНОНАЁМНЫЙ, -ая, -ое мухьдахъ (ижараялъе) ккурав

ВО́ЛЬНООПРЕДЕЛЯ́ЮЩИЙСЯ *м* эркенго хъулухъ гьабулев (*пачаясул Россиялда: заман щвелалдего, жиндиего бокьун армиялдеги лъугьун, бигьаял шартIазда хъулухъ гьабулев гьоркьохъеб лъаялъул чи*)

ВОЛЬНООТПУ́ЩЕННИК *м ист.* (*отпущенный крепостной раб*) тархъан гьавурав лагъ, тархъанлъарав лагъ

ВОЛЬНООТПУ́ЩЕННЫЙ, -ая, -ое тархъан гьавурав, тархъанлъарав

ВОЛЬНОСЛУ́ШАТЕЛЬ *м* вольнослушатель (*жиндиего бокьун, хьвадун цIалулев чи*)

ВО́ЛЬНОСТЬ *ж* 1) *уст.* (*свобода, независимость*) эркенлъи 2) (*несдержанность, развязность*) бокьа-бокьараб (гIорхъолъа борчIараб) жо гьаби

ВО́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое 1. 1) (*независимый*) эркенаб, тархъанаб, жибго жиндаго чIараб, чияда бухьинчIеб (бачIеб); **~ый наро́д** эркенаб халкъ 2) (*нестесненный законами*) эркенаб, гIурхъичIвай (къадар чIезаби, гьукъи, квекIен) гьечIеб; **~ая прода́жа хле́ба** гIурхъичIвай (къадар чIезаби, гьукъи, квекIен) гьечIеб чед бичи; **~ые мы́сли** эркенал пикраби 3) (*ничем не стесненный*) квалквал (квекIен, кквей) гьечIого, биччараб; **ты во́лен ду́мать так** дуца гьедин пикру гьабизе бегьула 4) (*непринужденный или слишком непринужденный, развязный, нескромный*) эркенаб (яги тIасан ккун эркенаб, адаб гьечIеб) куцалъул (къагIидаялъул); **~ые разгово́ры** эркенал (адаб гьечIел) гарачIвариял; **~ое обраще́ние** эркенаб (адаб гьечIеб) гьоркьоблъи 2. *в знач. сущ.* **~ая** *ж ист.* эркен (тархъан) гьавиялъул кагъат; **дать ~ую крепостно́му** (*помещикасул*) векьарухъанасе тархъан гьавиялъул кагъат кьезе ◊ **~ые и нево́льные посту́пки** бокьун (ургъун) ва бокьи-чIого (ургъичIого) гьарулел ишал (гIамалал); **~ые движе́ния** *спорт.* эркенал рагъа-рачариял; **~ый стиль** *спорт.* эркенаб стиль (*лъедеялъул*)

ВОЛЬТ[1] *м физ.* вольт

ВОЛЬТ[2] *м спорт.* (*круг на манеже*) вольт (1**.** *манежалда: рекIарас яги рекIараз гьабулеб кьурун буссараб свери 2. фехтованиялда: дандеясул кьабиялдаса тари, кьури, гьетIи*)

ВОЛЬТИЖЁР *м спорт.* чотIа гьунарал гьарулев чи

ВОЛЬТИЖИ́РОВАТЬ *несов.* чотIа гьунарал гьаризе

ВОЛЬТИЖИРО́ВКА *ж* чотIа гьунарал гьари

ВОЛЬТМЕ́ТР *м физ.* вольтметр (*электрикалъул токалъул напряжение борцунеб алат*)

ВОЛЬФРА́М *м* вольфрам (*хим. элемент, металл*)

ВО́Л//Я *ж* 1) яхI, хасияталъул кьвакIи, тIадчIей, таваккал; **си́ла ~и** яхIалъул гуч; **воспита́ние ~и** яхI куцай 2) (*стремление к чему-л.*) *сундуениги* жигар, хIаракат; **~я к побе́де** бергьенлъия-лъе жигар (хIаракат) бахъи 3) (*желание, требование*) бокьи, къасд, мурад, анищ, нигат; **~я наро́да** халкъалъул мурад; **сде́лать по свое́й ~е** жиндиего бокьун, гьабизе 4) (*власть, право*) квершел, ихтияр; **дай то́лько ему́ ~ю, он наведёт поря́док** досие ихтияр (квершел) кьуни, дос низам гьабила 5) (*свобода*) эркенлъи, тархъанлъи; **отпусти́ть на ~ю** тархъан (эркен) гьавизе ◊ **~я ва́ша** кин дуе бокьаниги (ихтияр дур буго); **на ~е** эркен-лъуда; **дать ~ю рука́м** вагъизе, щивниги вухизе

ВОН[1] 1. *нареч. разг.* (*прочь*) къватIииве, нахъе; **вы́йти ~** къватIиве ине 2. *в знач. межд.* тIагIа, рикIкIалъе, тIерхьа, вила, хазабе, ракь те; **~ отсю́да!** тIагIа (тIерхьа, хазабе, вила, ракь те) гьаниса! ◊ **лезть из ко́жи ~** цIакъ (кIвараб) яхI бахъизе; **из рук ~ пло́хо** кигIан кIваниги ярагьунаредухъ, квеш

ВОН[2] *частица разг.* доле, гьоле, гьадале; **~ он идёт** доле дов вачIунев вуго; **~ туда́ на́до идти́** доле дове ине ккола ◊ **~ ты како́й!** балагьеха духъ! гьединав вукIун вугоха мун! гьелеха мун! **~ оно́ что!** вахI, гьебищха (гьединищха) букIараб!

ВОНЗА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **вонзи́ ть(ся)**

ВОНЗИ́ТЬ *сов. что в кого-что* 1) хIунсизе, къазабизе, борлъизе, хъубухъун къазабизе; **~ кинжа́л** ханжар хъубухъун къазабизе; **~ ко́гти** малъал къазаризе; **~ жа́ло** хеч къазабизе (*найица*) 2) *перен.* (*взгляд*) берзул чIорал речIчIизаризе

ВОНЗИ́ //ТЬСЯ *сов.* къазе, къан ине (*жанибе*); **иго́лка ~лась в па́лец** рукIкIен килщида къана

ВОНЬ *ж разг.* квешаб (ракI гъанцIулеб) махI, махIцел

ВОНЮ́ЧИЙ, -ая, -ее *разг.* квешаб махIалъул, махI квешаб, махIцараб

ВОНЯ́ ТЬ *несов. разг.* квешаб махI бахъинабизе, махIцинабизе, махI биччазе

ВООБРАЖА́ЕМ//ЫЙ, -ая, -ое хиялияб, фантазияб (*рекIел хиялалъ, пикруялъ цебе бачIинабулеб; хIакъикъаталда гьечIониги, бугилан тараб; теориялъ букIине нух кьолеб*); **пуга́ть ~ыми опа́сностями** хиялиял (фантазиял) хIинкъабаздалъун живго хIинкъизавизе

ВООБРАЖА́ТЬ *несов. см.* **вообрази́ ть**

ВООБРАЖЕ́НИ//Е *с* 1) (*мысленное представление*) хиялазулъ (пикрабазулъ, рекIелъ) *щибниги жо* цебе чIезаби, хиялияб сурат (гьаби); **в моём ~и возни́к э́тот о́браз** дир хиялазулъ бижана гьеб образ (сурат) 2) (*плод фантазии*) фантазиялъ бижизабураб жо, хиял, цебетIами; **простра́нственное ~е** бакI-манзилалъулаб фантазия (хиял); **худо́жественное ~е** художественнияб фантазия; **э́то то́лько твоё ~е: ничего́ ужа́сного не случи́лось** гьеб дурго фантазия буго: щибниги квешаб жо лъу-гьинчIо 3) творческияб фантазия

ВООБРА//ЗИ́ТЬ *сов.* 1) *кого-что* (*мысленно представить*) хиялазулъ (пикрабазулъ, рекIелъ) цебе чIезабизе (сурат чIезабизе), хиял гьабизе; **~зи́ те, что идёте не со мной, а с кем-нибу́дь други́м** цебе чIезабе мун, дунгун гурев, цо щивгунниги унев вугилан 2) (*предположить*) гьезего гьечIеб жо бугеблъун

хIисаб гьабун, пикру гьабизе; **он ~зи́ л, что все забы́ ли о нём** дос хIисаб гьабуна жив киназдаго кIочон тун ватилилан

ВООБЩЕ́ *нареч.* 1) (*в общем*) гIаммаб куцалда; **~ вы пра́вы** гIаммаб куцалда мун витIарав вуго 2) (*всегда, постоянно*) кидаго, даимго; **он ~ тако́й весёлый** дов кидаго гьединав аваданав вуго 3) (*совсем*) кинго, щиб гьабуниги, щиб кканиги, тIубанго, миркалъ; **я сего́дня ~ никуда́ не пойду** дун жакъа кивениги унаро 4) (*в целом*) цадахъго, тIубанго; **я говорю́ ~ о коллекти́ве, а не о тебе́** дица бицунеб буго, дур гуреб, тIубанго (цадахъго) коллективалъул ◊ **~ говоря́** *в знач. вводн. сл.* гIаммаб куцалда абуни, битIухъе бицани; **~ говоря́ , мне не хоте́лось бы идти́** битIухъе бицани, дие ине бокьилароан

ВООДУШЕВИ́ТЬ *сов. кого-что* гьира (шавкъ) ккезабизе, ракI базабизе; **~ ма́ссы на борьбу́** халкъалъул къеркьеялде гьира базабизе

ВООДУШЕВИ́ ТЬСЯ *сов. чем* гьира (шавкъ) ккезе, ракI базе

ВООДУШЕВЛЕ́НИЕ *с* 1. (*по гл.* **воодушеви́ть**) гьира (шавкъ) ккезаби, ракI базаби 2. (*по гл.* **воодушеви́ться**) гьира (шавкъ) ккей, ракIбай; **с ~м расска́зывать** *о чем-л.* гьира-шавкъалда *сундулниги* бицине

ВООДУШЕВЛЁНН//ЫЙ, -ая, -ое гьира (шавкъ) ккезабураб, ракI базабураб (тирхизабураб), гьира (шавкъ) ккараб, ракI бараб (тирхараб); **~ая ве́ра в побе́ду** бергьенлъиялда ракI тирхизабулеб божи; **~ый э́ той ре́чью** гьеб кIалъаялъ ракI базабурав

ВООДУШЕВЛЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **воодушеви́ ть(ся)**

ВООРУЖА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **вооружи́ ть(ся)**

ВООРУЖЕ́НИ//Е *с* **1.** (*по гл.* **вооружи́ть**) яргъид гIуцIи; **~е а́рмии** армия яргъид гIуцIи **2.** (*по гл.* **вооружи́ться**) *щибниги* ишалъе кьваригIунеб жо букIинабун, хIадурлъи; **3.** (*военное снаряжение*) ярагъ, рагъул алат, ярагъ-матахI; **сокраще́ние ~й** ярагъ дагь гьаби **4.** (*совокупность приспособлений*) алат-матахI

ВООРУЖЁННОСТЬ *ж* 1) (*армии, флота*) яргъида хьей; **~ а́рмии** армиялъул яргъида хьей 2) техникаялда хьей; **техни́ -ческая ~ се́льского хозя́йства** росдал магIишат техникаялдалъун хьей

ВООРУЖЁНН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*относящийся к борьбе, с оружием в руках*) ярагъ кодобе босараб, кодоб ярагъгун гьабулеб, яргъид гIуцIараб; **~ое нападе́ние** кодоб ярагъгун (яргъид гIуцIараб) тIадекIанцIи 2) (*оснащенный*) яргъид гIуцIараб, яргъида хьараб; **~ые отря́ ды** яргъид гIуцIарал къокъаби

ВООРУЖИ́ ТЬ *сов.* 1) *кого-что* яргъид гIуцIизе; **~ а́рмию** армия яргъид гIуцIизе 2) *чем* (*снабдить*) хьезабизе; **~ се́льское хозя́йство совреме́нной те́хникой** росдал магIишат гьанжесеб техникаялдалъун хьезабизе 3) *чем перен. щибниги жо* (*мас.*: *хIалбихьи, лъай ва ц.*) *лъиениги* щвезабизе, *лъилниги* букIинабизе, *лъиданиги* лъазабизе; 4) *против кого-чего* гьусизе, гьусун тIамизе

ВООРУЖИ́ГЬСЯ *сов.* 1) яргъид гIуцIизе (къачIазе); **~ совреме́нным ору́жием** гьанжесеб яргъид гIуцIизе (къачIазе) 2) *чем* (*запастись*) *щибниги* ишалъе кьваригIунебщинаб жо букIине (букIинабизе); **вооружи́вшись всем необходи́мым, мы отпра́вились в путь** кьваригIунебщинаб жоги букIинабун, ниж нухда рахъана 3) *перен. чем* лъазе, щвезе; **~ о́пытом** хIалбихьи щвезе 4) *против кого-чего* (*ополчиться*) *лъиданиги* данде кьеркьезе, данде чIезе ◊ **~ терпе́нием** яхI бахъизе, сабру гьабизе

ВОО́ЧИЮ *нареч.* (*жиндирго*) берда бихьун; **убеди́ться ~** берда бихьун, божизе, ракI чIезе

ВО-ПЕ́РВЫХ *вводн. сл.* тIоцебе, цо бугони, цин

ВОПИ́ТЬ *несов. разг.* (*громко кричать*) ахIдезе, гIергIедизе, чIичIидизе, гьарай бачине

ВОПИЮ́Щ//ИЙ, -ая, -ее хIехьезе захIматаб (кIолареб), гьаргьар балеб; **~ая бе́дность** хIехьезе захIматаб мискинлъи; **~ая несправедли́ вость** хIехьезе кIолареб тIекълъи ◊ **глас ~го в пус-ты ́ не** жаваб щолареб ахIи, гIададисеб ахIи

ВОПЛОТИ́ ТЬ *сов. кого-что в ком-чем* яшавалде бахъинабизе, бугеблъун лъугьинабизе, *сундулъниги* загьир гьабизе, чIван къотIараб къагIидаялда сурат (образ) цебе чIезабун, бихьизабизе; **~ свою́ иде́ю в стихотворе́нии** жиндирго пикру кочIолъ загьир гьабизе

ВОПЛОТИ́ //ТЬСЯ *сов. в ком-чем* гIумруялде бахъине, бугеблъун (хIакъикIияблъун) лъугьине, *сундулъниги* загьирлъизе, чIван къотIараб куцалда сурат (образ) цебе чIезе

ВОПЛОЩА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **воплоти́ ть(ся)**

ВОПЛОЩЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **воплоти́ть**) гIумруялде бахъинаби, хIакъикIияблъун лъугьинаби **2.** (*по гл.* **воплоти́ться**) гIумруялде бахъин, хIакъикIияблъун лъугьин, чIван къотIараб сурат (образ) лъугьин; **~ всего́ хоро́шего** лъикIабщинаб хIакъи-кIияблъун лъугьин **3.** (*олицетворение какого-л. качества*): **э́та же́нщина ~ изя́ щества и красоты́** гьай чIужу унго-унгояб берцинлъиялъул ва чIурканлъиялъул мисал йиго

ВОПЛОЩЁНН//ЫЙ, -ая, -ое хIакъикIияблъун лъугьараб, гIумруялде бахъараб, чIван къотIараб сурат лъугьараб, чIагояб, чIаго гьабун бихьулеб; **~ое му́жество** тIадегIанаб, унго-унгояб бахIарчилъи

ВОПЛ//Ь *м* гьуя-гьарай, гьарай-мадад, гIергIеди; гIоди, зигарди, чIичIиди, ахIдей; **раздира́ющие ду́шу ~и** рекIелъ зунулеб чIичIиди

ВОПРЕКИ́ *предлог с дат. п.* гIаксалда, балагьичIого, хилапалда; **~ моему́ жела́нию** дир мурадалъухъ балагьичIого

ВОПРО́С *м* 1) суал; **отве́тить на ~** суалалъе жаваб кьезе; **зада́ть ~** суал кьезе 2) (*проблема*) масъала, суал; **узловы́е ~ы** кIвар бугел масъалаби (суалал); **национа́льный ~** миллияб (миллаталъулаб) суал; **оста́вить ~ откры́тым** суалалъе жаваб кьечIого тезе (хутIизе); **~ не в э́том** суал гьелъулъ гуро бугеб 3) *разг.* (*дело, обстоятельство*) иш; **~ че́сти** намусалъул иш; **~ вре́мени** заманалъул иш ◊ **что за ~!** гьебги щиб суал! Узухъда, гьайгьай! **ста́вить под ~** щаклъизе, щаклъи ккезабизе

ВОПРОСИ́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*выражающий недоумение*) васвасди, шакдари, гьикъи бихьизабулеб; **~ый взгляд** шакдарулеб балагьи; цIехолеб, гьикъулеб 2) *грам.* суалияб; **~ый знак** суалияб ишара; **~ое местоиме́ние** суалияб цIарубакI; **~ое предложе́ние** суалияб предложение

ВОПРО́СНИК *м* суалазул сияхI

ВОПРОША́ЮЩИЙ, -ая, -ее гьикъулеб, цIехолеб, суалияб; **~ взгляд** гьикъулеб балагьи

ВОПЬЮ́ СЬ, ВОПЬЁШЬСЯ *и т.д. буд. от* **впи́ ться**

ВОР *м* цIогьор ◊ **на ~е́ ша́пка гори́ т** цIогьорасул гIадалъ цIа

ВОРВА́//ТЬСЯ *сов.* жанибе кIанцIун (лъугьун) бачIине; **ве́тер ~лся в окно́** гьури гордухъа жанибе бачIана

ВОРКОВА́НИЕ *с* 1) (*голубей*) гьургьудизе, гунгудизе (*маккал*) 2) *перен. ирон.* хIеренго (ракI жубан) гаргадизе (*рокьи ккарал*)

ВОРОБЕ́Й *м* къадако ◊ **стре́ляный (ста́рый) ~** хIалбихьи бугев (гуккизе захIматав, гIемер дунял бихьарав) чи

ВОРО́БУШЕК, ВОРО́БЫШЕК *м уменьш. от* **воробе́й**

ВОРОБЬИ́ Н//ЫЙ, -ая, -ое къадкил; **~ое гнездо́** къадкил бусен ◊ **~ая ночь** риидалил къокъаб сордо; **коро́че ~ого но́са** цIакъ къокъаб (гьитIинаб)

ВОРО́ВАН//ЫЙ, -ая, -ое бикъараб; **~ые ве́щи** рикъарал жал

ВОРОВА́Т//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*плутоватый*) цIогьормахIав, хиянатав, сихIирав 2) (*осторожный*): **~ый взгляд** сихIираб (айгьураб) балагьи; 2) **~ая похо́дка** цIодораб, цIогьорасул гIадаб рилълъин

ВОРОВА́ТЬ *несов. что* 1) (*присваивать чужое*) бикъизе; **~ де́ньги** гIарац бикъизе 2) (*заниматься воровством*) цIогьодизе, викъаризе

ВОРО́ВКА *ж* цIогьор (*чIужугIадан*)

ВОРОВСКИ́ *нареч. разг.* цIогьор гIадин, цIогьормахIго, цIогьохъе

ВОРОВСК//О́Й, -а́я, -о́е цIогьол, цIогьорасулаб, цIогьазул(аб); **~а́я ша́йка** цIогьазул къокъа

ВОРОВСТВО́ *с* цIогьоди, цIогь, цIогьодухъанлъи, бикъи, викъари

ВОРОЖБА́ *ж* палихъанлъи, пал тIами

ВОРОЖЕ́Я *ж* палихъан

ВОРОЖИ́ ТЬ *несов.* пал тIамизе

ВО́РОН *м* нухъа, чIегIергъеду

ВОРО́НА *ж* 1) *зоол.* гъеду 2) *перен. разг.* (*ротозей*) тохав (хагарав, гьакIкIарав) чи ◊ **бе́лая ~** цогидазда релъгьинчIев чи; чундузда гьорлъ ритIучI гIадав; **пу́ганная ~ куста́ бои́тся** *посл.* хIинкъизабураб гъеду хъархъидасаги хIинкъулеб (риидал борохь бихьарав хасало гIарцикьаги хIинкъулев)

ВОРОНЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **ворони́ть**) чIегIеркьер тIад гьаби; **~ ста́ли** чармида тIад чIегIеркьер гьаби

ВОРОН//ЁНОК *м* (*мн.* **~я́ та**) гъадитIинчI

ВОРОНЁН//ЫЙ, -ая, -ое чIегIеркьер гьабураб; **~ая сталь** чIегIеркьер тIад гьабураб чаран

ВОРО́Н//ИЙ, -ья, -ье гъадил(аб); **~ье крыло́** гъадил кваркьи

ВОРОНИ́ТЬ *несов. что* чIегIернакъищ биччазе, чIегIеркьер гьабизе; **~ сталь** чармида тIад чIегIеркьер гьабизе

ВОРО́Н//ИЙ, -ья, -ье гъадил(аб); **~ье крыло́** гъадил кваркьи

ВОРОНИ́ ТЬ *несов. что* чIегIер накъиш биччазе, чIегIеркьер гьабизе; **~ сталь** чармида тIад чIегIеркьер гьабизе

ВОРО́НКА *ж* 1) (*для жидкости*) кIатIахI, лейкIа 2) (*от взрыва снаряда*) гвенд (*гIарададул гулла, бомба кьвагьун лъугьараб*)

ВО́РОНОВ, -а, -о 1) гъадил 2) **во́лосы цве́та ~а крыла́** цIикцIикараб чIегIерлъиялъул рас (гъадил кваркьигIан чIегIераб рас)

ВОРОН//О́Й, -а́я, -о́е **1.** (*о масти*) чIегIераб, чIегIеркьераб; **~ая ло́шадь** чIегIераб чу **2.** *в знач. сущ. м* чIегIерчу

ВОРОНЬЁ *с собир.* 1) (*стая ворон*) гъудул, гъудузул тIел 2) *перен. разг.* хъамалчагIи, цIогьал, чудкил тайпа, гъадил тайпа

ВО́РОТ[1] *м* (*одежды*) габур (*ратIлил*) ◊ **схвати́ ть за ~** *кого-л.* хапун габур кквезе, хIалица *щибниги* гьабизе тIамизе

ВО́РОТ[2] *м тех.* ворот (*хIосалда тIад жемараб кваралъ юк тIаде бахъулеб гIадатияб машина*)

ВОРО́ТА *мн.* 1) *в разн. знач.* каву, рагъу, каваби, гъапу; **отвори́ ~** каву рагье; **заби́ ть мяч в ~ проти́ вника** дандеясул кавабахъе торгIо кьабизе; 2) кIамури (*памятник хIисабалда гьабураб*); **триумфа́льные ~** (триумфалъулаб) бергьенлъиялъулаб кIамури

ВОРОТИ́ЛА *м разг.* (*делец*) гIемераб гIарац хIалтIизабулев бечедав чи, гIарцул кумекалдалъун кIудиял ишал гьарулев чи

ВОРОТИ́ТЬ *сов. кого-что разг.* 1) нахъбуссинабизе, тIадбуссинабизе; **~ с полдоро́ги** бащдаб нух тедал, нахъбуссинабизе 2) (*вернуть*) нахъе кьезе, тIадбуссинабизе (*мас.*: *къарз*) 3) (*взять обратно*) нахъе босизе; **~ взя́ тые взаймы́ де́ньги** къарзалъе босараб гIарац нахъбуссинабизе

ВОРОТИ́//ТЬСЯ *сов. разг.* тIадвуссине; **он ~лся по́здно но́чью** дов къаси кватIун тIадвуссана

ВОРОТНИ́ К *м* габур (*ратIлил*), воротник; **стоя́ чий ~** бахъун чIараб габур; **отложно́й ~** нахъехун чIвазабулеб габур (воротник)

ВОРОТНИЧО́К *м уменьш. от* **воротни́ к**

ВО́РОХ *м* 1) гъуни, гохI (*гIадлу-низам гьечIого, тIамIала бараб щибниги жоялъул*); **~ бума́г** кагътил гъуни; **~ пшени́цы** ролъул гъуни (гох1) 2) *перен. разг.* гIемераб (гьарзаяб) жо; **~ новосте́й** гIемерал цIиял харбал

ВОРО́ЧА//ТЬ *несов.* 1) *кого-что* (*передвигать, поворачивать*) сверизабизе, добе-гьанибе бегизабизе, багъаризабизе; **~ть ка́мни** ганчIал сверизаризе, доре-гьанире чIвазаризе 2) *кем-чем перен. разг.* (*распоряжаться*) нухда бачине; **он ~ет все́ми дела́ми** дос киналго ишал нухда рачуна

ВОРО́ЧАТЬСЯ *несов. разг.* гиргидизе; **беспоко́йно ~ в посте́ли** бусада рахIат хун гиргидизе; **~ с бо́ку на́ бок** хьолбодаса хьолбоде сверизе (сверсведизе)

ВОРОШИ́ТЬ *несов. что* 1) багъа-башаризабизе 2) *перен.*: **~ забы́ тое** кIочон тараб пашманаб жо ракIалде щвезабизе

ВОРС *м* ххамида тIаде бахъараб тIарцIаб ризаб рас

ВОРСИ́ НКА *ж* 1) *текст.* цо рас 2) рухIчIаголъиялъул ва харил организмалда тIад бижараб цIакъ тIеренаб рас 3) *анат.* цIутIел (*тIеренбакьазул жанисеб рахъалда рукIунел квен цIулел цIакъ гIисинал цIутIелазул цояб*)

ВОРСИ́СТ//ЫЙ, -ая, -ое тIаде рас бахъараб; **~ое сукно́** рас тIаде бахъараб исхъали

ВОРЧА́НИЕ *с* (*по гл.* **ворча́ть**) гъулгъуди, бурбуди

ВОРЧ//А́ТЬ *несов.* 1) (*о животных*) гъулгъудизе, гунгудизе; **соба́ка ~ит** гьой гъулгъудулеб буго 2) (*о человеке*) бурбудизе, гъулгъудизе

ВОРЧЛИ́ВОСТЬ *ж* бурбудулеб (гъулгъудулеб) гIамал (хасият); **стари́к отлича́лся ~ю** херасул бурбудулеб (гъулгъудулеб) гIамал (хасият) букIана

ВОРЧЛИ́ ВЫЙ, -ая, -ое 1) (*о животном*) гъулгъудулеб, 2) (*о человеке*) бурбудулев, гъулгъудулев; **~ дед** бурбудулев (гъулгъу-дулев) кIудада

ВОРЧУ́ Н *м* гIемер бурбудулев (гъулгъудулев) чи

ВОРЧУ́ НЬЯ *ж* гIемер гъулгъудулей (бурбудулей) чIужу

ВОС- «*воз*» *приставкаялъул бакIалда гъугъаб гьаракьалда цебе хъвала, мас.*: **воспита́ние** тарбия кьей

ВОСВОЯ́СИ *нареч. разг. ирон.* жиндирго рокъове (нухде, ишалда хадув); **отпра́виться ~** жиндирго рокъове ине

ВОСЕМНА́ДЦАТЬ *числ.* анцIила микьго; **~ рубле́й** анцIила микьго гъуруш

ВО́СЕМЬ *числ.* микьго; **~ ме́тров** микьго метр

ВО́СЕМЬДЕСЯТ *числ.* ункъого; **~ лет** ункъого сон

ВОСЕМЬСО́Т *числ.* микьнусго

ВОСЕМЬЮ́ *нареч.* микьцIул, микьго нухалъ; **~ три – два́дцать четы́ре** микьцIул (микьго нухалъ) лъабго – къоло ункъо; **~ пять - со́рок** микьцIул (микьго нухалъ) щуго – кIикъого

ВОСК *м* хIе; **пчели́ ный ~** найил хIе

ВОСКЛИ́ КНУТЬ *сов.* ахIун (борхун) абизе, кIалъазе

ВОСКЛИЦА́НИЕ *с* ахIи; асар лъугьин лъазабулеб гьаракь

ВОСКЛИЦА́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое ахIул; **~ый знак** ахIул ишара; **~ое предложе́ние** ахIул предложение

ВОСКЛИЦА́ТЬ *несов. см.* **воскли́ кнуть**

ВОСКОВ//О́Й, -а́я, -о́е 1) хIедул; **~а́я свеча́** хIедучирахъ 2) *перен.* (*о цвете кожи*) тIогьилккараб, хIедукьераб

ВОСКРЕСА́ТЬ *несов. см.* **воскре́снуть**

ВОСКРЕСЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **воскре́снуть**) цIидасан рухI лъей (*хун хадуб*) **2.** (*возрождение*) цIилъи, рухI речIчIи, чIаголъи

ВОСКРЕСЕ́НЬЕ *с* (*день недели*) гьатIан, гьатIанкъо

ВОСКРЕСИ́ //ТЬ *сов.* 1) *кого-что рел.* хваралъуса чIаго гьаризе, хварасда рухI лъезе 2) *кого-что перен.* (*возродить*) цIилъизабизе, чIаголъизабизе, гъоркь букIухъе ккезабизе, рухI лъезабизе; **го́рный во́здух ~л больно́го** мугIрул гьаваялъ унтарав чIаголъизавуна 3) *кого-что перен.* (*в памяти*) ракIалде бачIинабизе (щвезабизе)

ВОСКРЕ́СНИК *м* воскресник (*гIодоркъоялъ бокьун гьабулеб цадахъаб хIалтIи, гвай*)

ВОСКРЕ́СНУТЬ *сов.* 1) *рел.* рухI бижизе (*диналъ бицухъе*), хваралъуса чIаголъизе 2) *перен.* (*о чувствах, мыслях*) цIилъизе, чIаголъизе

ВОСКРЕ́СН//ЫЙ, -ая, -ое гьатIанкъоялъул; **~ая прогу́лка** гьатIанкъоялъул тира-свери; **~ый день** гьатIанкъо

ВОСКРЕША́ТЬ *несов. см.* **воскреси́ ть**

ВОСПАЛЕ́НИЕ *с мед.* цIа-кан бахун, гьорой; **~ ле́гких** цIа-кан бахун, гьуърул гьорой; **~ у́ха** цIа-кан бахун, гIин унти

ВОСПАЛЁНН//ЫЙ, -ая, -ое цIа-кан бахун, гьорораб; **~ая ра́на** гьор рехараб ругъун; **~ые глаза́** унтун багIарлъарал берал

ВОСПАЛИ́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое цIа-кан бахун, багIарлъиги гьоройги загьирлъун, лъугьунеб

ВОСПАЛИ́ //ТЬСЯ *сов.* гьорозе, гьор рехизе; **глаза́ ~лись** берал гьорона; **ра́на ~лась** ругънаде гьор рехана, ругъун бигьана

ВОСПАЛЯ́ ТЬСЯ *несов. см.* **воспали́ ться**

ВОСПЕВА́ТЬ *несов. см.* **воспе́ть**

ВОСПЕ́ТЬ *сов. кого-что поэт.* кочIолъ (кочIодалъун, кечI гьабун) беццизе; **~ геро́ев Оте́чественной войны́** ВатIаналъул рагъул бахIарзал кочIолъ реццизе

ВОСПИТА́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **воспита́ть**) тарбия кьей, куцай; **~ дете́й** лъималазе тарбия кьей, лъимал куцай; **2.** (*результат обучения*) щвараб тарбия, щвараб (кьураб) тарбиядул хIасил

ВОСПИ́ТАННИК *м* тарбия кьун, гIезавурав (гIезавулев вугев, куцарав, куцалев вугев) чи; цIалдохъан, *кинаб бугониги* цIалулеб бакIалда лъай босарав чи; **~ педагоги́ ческого институ́та** педагогикияб институталъ тарбия кьурав чи; **мой ~** дица тарбия кьурав чи

ВОСПИ́ТАННИЦА *ж* тарбия кьун, гIезаюрай (гIезаюлей йигей, куцарай, куцалей йигей) чIужу; цIалдохъан, *кинаб бугониги* цIалулеб бакIалда лъай босарай чIужу; **~ университе́та** университеталъ тарбия кьурай чIужу

ВОСПИ́ ТАННОСТЬ *ж* тарбия щвей, щвараб тарбиядул даража

ВОСПИ́ТАННЫЙ, -ая, -ое лъикIаб тарбия щварав, адаб бугев, тарбия бугев; **~ челове́к** тарбия (адаб) бугев чи

ВОСПИТА́ТЕЛЬ *м* воспитатель, тарбиячи

ВОСПИТА́ТЕЛЬНИЦА *ж* воспитательница, тарбиячIужу

ВОСПИТА́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое тарбия кьеялъул(аб); **~ая рабо́та** тарбия кьеялъулаб хIалтIи

ВОСПИТА́ТЬ *сов.* 1) *кого-что* (*вырастить*) тарбия кьун, гIезавизе, куцазе; ~ **ребёнка** тарбия кьун, лъимер гIезабизе 2) *что* (*привить, внушить*) бижизабизе, лъугьинабизе; ~ **в де́тях любо́вь к ро́дине** лъималазулъ ватIаналде рокьи бижизабизе 3*) (сформировать чей-л. характер*) *лъилниги* хасият куцазе; ~ **хоро́шего бойца́** лъикIав рагъухъанасул хасият лъугьинабизе (куцазе)

ВОСПИТА́ТЬСЯ *сов.* тарбия щвезе

ВОСПИ́ТЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **воспита́ть(ся)**

ВОСПЛАМЕНЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **воспламени́ ть**) гваргъун цIа рекIинаби **2.** (*по гл.* **воспламени́ ться**) гваргъун цIа рекIин

ВОСПЛАМЕНИ́ //ТЬ *сов.* 1) *что* (*зажечь*) гваргъизабизе, гваргъун цIа рекIинабизе 2) *перен. кого-что* тирха-кIичIизавизе, тирхизавизе, гъира базабизе, шавкъ ккезабизе (бачIинабизе), гъира-шавкъ ккезабизе (бачIинабизе); **слова́ команди́ра ~ли бойцо́в** командирасул рагIабаз рагъухъаби тирхизаруна (тирха-кIичIизаруна)

ВОСПЛАМЕНИ́ //ТЬСЯ *сов.* 1) (*зажечься*) гваргъун цIа рекIине; **шнур мгнове́нно ~лся** пилтаялда лахIзаталде цIа рекIана 2) *чем перен.* (*увлечься*) тирхизе, тирха-кIичIизе, гъира базе, шавкъ ккезе (бачIине), гъира-шавкъ ккезе

ВОСПЛАМЕНЯ́ ЕМОСТЬ *ж* гваргъун цIа рекIин

ВОСПЛАМЕНЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **воспламени́ ть(ся)**

ВОСПО́ЛНИТЬ *сов. что* цIезабизе, гIезабизе, тIаде жубазе, тIаде жубан, цIезабизе; ~ **пробе́лы в свои́х зна́ниях** жиндирго лъаялъул загIипал бакIал камил гьаризе, лъай щвалде щвезабизе

ВОСПОЛНЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **воспо́лнить(ся)**

ВОСПО́ЛЬЗОВАТЬСЯ *сов. чем* пайда босизе; ~ **доброто́й своего́ сосе́да** жиндирго мадугьаласул лъикIлъиялдаса пайда босизе; ~ **уде́бным слу́чаем** ккараб санагIаталдаса пайда босизе; **я воспо́льзуюсь ва́шей ру́чкой** дица дур ручкаялдаса пайда босила

ВОСПОМИНА́НИ//Е *с* 1) ракIалде щвей; **~е де́тства** лъимадул(аб) гIумру ракIалде щвей 2) *мн.* **~я** ракIалдещвеял; **литерату́рные ~я** литературиял ракIалдещвеял

ВОСПРЕПЯ́ ТСТВОВАТЬ *сов. кому-чему* квалквал гьабизе, авара гьабизе, гьабизе тунгутIизе

ВОСПРЕТИ́ ТЬ *сов. что и с неопр.* гьукъизе, биччангутIизе; ~ **торго́влю спиртны́ми напи́ тками** спирталъулал гьекъолел жалазул даран гьукъизе

ВОСПРЕЩ//А́ТЬ *несов. см.* воспретить; **вход ~ён** жанире ин (рачIине) гьукъараб буго

ВОСПРЕЩА́//ТЬСЯ *несов.* гьукъизе, биччангутIизе, бегьунгутIизе; **кури́ ть ~ется** папирос цIазе гьукъула (бегьуларо, гьукъараб буго)

ВОСПРЕЩЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **воспрети́ ть**) гьукъи, биччангутIи, бегьунгутIи

ВОСПРИИ́МЧИВОСТЬ *ж* хехго нахъгIунтIи, бичIчIи бугольи; хехго боси; ~ **к зара́зным боле́зням** рахунел унтаби хехго роси

ВОСПРИИ́ МЧИВЫЙ, -ая, -ое 1) хехго жо бичIчIулев (босулев), хехго нахъгIунтIулев; ~ **ум** хехго жо бичIчIулеб (босулеб) гIакълу; ~ **ребёнок** хехго жо (бичIчIулеб, нахъгIунтIулеб) асар лъугьунеб лъимер 2) къабул гьабулеб, хурхунеб, рекIунеб; ~ **к боле́зням** унтаби хех хурхунеб (росулеб)

ВОСПРИНИМА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **восприня́ ть(ся)**

ВОСПРИНЯ́ ТЬ *сов. что* бичIчIизе, лъазе, нахъгIунтIизе; **он хорошо́ воспри́нял содержа́ние кни́ги** досда тIехьалъул хIасил лъикI бичIчIана

ВОСПРИНЯ́ ТЬСЯ *сов.* (*усвоиться*) бичIчIизе, лъазе

ВОСПРИЯ́ ТИ//Е *с* **1**. (*по гл.* **восприня́ ть**) бичIчIи, нахъ-гIунтIи, лъай, къабул гьаби **2.** *филос., психол.* бичIчIи, нахъгIунтIи; **зако́ны ~я** бичIчIиялъул законал

ВОСПРИЯ́ ТЬ *сов. уст. см.* **восприня́ ть**

ВОСПРОИЗВЕДЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **воспроизвести́**) цIи (цIидасан) гьаби, цIидасан цебе чIезаби (сурат), копия бахъи, релъ-лъинабун гьаби; ~ **расска́за** хабар, такрар гьабун (цIидасан), бицин

ВОСПРОИЗВЕСТИ́ *сов. что* 1) (*создать вновь*) цIи (цIидасан) гьабизе 2) (*воссоздать*) цIидасан цебе чIезабизе (*сурат*), чIаго гьабизе, релъ-лъинабун гьабизе, копия бахъизе; ~ **расска́з** хабар цIи гьабун бицине

ВОСПРОИЗВОДИ́ ТЬ *несов. см.* **воспроизвести́**

ВОСПРОИЗВО́ДСТВО *с* **1.** (*по гл.* **воспроизводи́ ть**) цIи (цIидасан) гьаби **2.** *эк.* воспроизво́дство (*цоцаца хисулел стадиязда, гьоркьоб къотIичIого, цIилъулеб общественнияб производствоялъул цебетIей*)

ВОСПРОТИ́ ВИТЬСЯ *сов. кому-чему* данде чIезе, инкар гьабизе; ~ *какому-л.* **реше́нию** *кинаб бугониги* хIукмуялда данде чIезе

ВОСПРЯ́ НУТЬ *сов.*: ~ **ду́хом** тирилъи (чIаголъи, рухI, гъира) бачIине; ~ **от сна** *уст. поэт.* макьидаса ворчIизе

ВОСПЫЛА́ТЬ *сов. чем* гьалаглъизе, гьалдезе; ~ **не́навистью** щцин гьалдезе, ццидаца гьалаглъизе

ВОССЕДА́ТЬ *несов. см.* **воссе́сть**

ВОССЕ́СТЬ *сов. ирон.* гIодов чIезе (*чIухIараб къагIидаялда, мас.: тахида*); ~ **на престо́л** тахида гIодов чIезе, ханлъи (къиралъи) щвезе

ВОССОЕДИНЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **воссоедини́ ть**) цIидасан цолъизаби (жубазаби) **2.** (*по гл.* **воссоедини́ ться**) цIидасан цолъи (жубай); ~ **Украи́ны с Росси́ей** Украина Россиягун цIидасан цолъи

ВОССОЕДИНИ́ ТЬ *сов. что с чем* цIидасан цолъизабизе (жубазабизе)

ВОССОЕДИНИ́ ТЬСЯ *сов.* цIидасан цолъизе (жубазе)

ВОССОЕДИНЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **воссоедини́ ть(ся)**

ВОССОЗДАВА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **воссозда́ть(ся)**

ВОССОЗДА́ТЬ *сов. кого-что* цIи (цIидасан) гьабизе (гIуцIизе, цебе чIезабизе, ракIалде бачIинабизе); ~ **в па́мяти геро́и́ческие собы́тия после́дних лет** ахирал соназул бахIарчиял лъугьабахъинал цIидасан ракIалде рачIинаризе

ВОССОЗДА́ТЬСЯ *сов.* (*в памяти, воображении*) цебе чIезе, ракIалде бачIине

ВОССТАВА́ТЬ *несов. см.* **восста́ть**

ВОССТАНА́ВЛИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **восстанови́ ть(ся)**

ВОССТА́НИЕ *с* восстание (*гIуцIараб къагIидаялда гIемераб халкъалъ дандечIей гьаби*); **вооружённое ~** яргъид гIуцIараб восстание

ВОССТАНОВИ́ТЕЛЬ *м* 1) *щибниги жо, мас.*: магIишат рукIалиде ккезабиялъулъ (бахъун чIезабиялъулъ, букIухъе гьабиялъулъ) гIахьаллъи гьабулев чи 2) *хим.* расул кьер букIахъе лъугьиабулеб сабаб, дару

ВОССТАНОВИ́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое бахъун чIезабиялъул, рукIалиде ккезабиялъул, гъоркь букIахъе гьабиялъул (чIезабиялъул, къачIаялъул); **~ые рабо́ты** гъоркь букIахъе къачIаялъул хIалтIаби; **~ый пери́ од** рукIалиде ккезабиялъул заман

ВОССТАНОВИ́ТЬ *сов.* 1) *что* бахъун чIезабизе, рукIалиде ккезабизе, гъоркь букIахъе гьабизе (чIезабизе, къачIазе); ~ **разру́шенное войно́й хозя́йство** рагъалъ чIунтизабураб магIишат рукIалиде ккезабизе 2) *кого-что в чем* вукIарабго ишалде тIамизе; ~ **в до́лжности** вукIарабго хъулухъалде тIамизе 3) *кого против кого* тIаде (данде) тIамизе

ВОССТАНОВИ́ ТЬСЯ *сов.* 1) (*прийти в прежнее состояние*) бахъун чIезе, рукIалиде ккезе, гъоркь букIахъе ккезе (лъугьине); **здоро́вье ~лось** сахлъи рукIалиде ккана 2) *в чем* (*вернуть себе прежнее положение*) букIараб ихтияр (хъулухъ) кодобе щвезе; **~ться в права́х** букIараб ихтияр кодобе щвезе ◊ **~ться в па́мяти** ракIалде бачIине щвезе)

ВОССТАНОВЛЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **восстанови́ ть**) бахъун чIезаби, рукIалиде ккезаби, гъоркь букIахъе ккезаби (лъугьинаби, къачIай) **2.** (*по гл.* **восстанови́ ться**) бахъунчIей, рукIалиде ккей, букIахъе ккей (лъугьин, къачIай); ~ **наро́дного хозя́йства** халияб магIишат рукIалиде ккей; ~ **здоро́вья** сахлъи рукIалиде ккей

ВОССТА́ТЬ *сов.* 1) (*подняться на борьбу*) восстание гьабизе, дандечIей гьабизе рахъине 2) *против кого-чего лъиданиги* данде чIезе

ВОСТО́К *м* 1) (*направление*) бакъбакк, бакъбаккул рахъ; **ко́мната выхо́дит на** ~ рукъ бакъбаккудехун буссун буго; **идти́ к ~у** бакъбаккудехун (валагъун) ине 2) (*восточные страны*) бакъбаккул улкаби; **бли́жний восто́к** гIагараб бакъбаккул улка-

би; **сре́дний восто́к** гьоркьохъеб бакъбаккул улкаби; **да́льний восто́к** рикIадаб бакъбаккул улкаби

ВОСТОКОВЕ́Д *м* востоковед (*бакъбаккул улкаби лъазарулев гIалимчи*)

ВОСТОКОВЕ́ДЕНИЕ *с* востоковедение (*бакъбаккул улкаби лъазариялъул гIелму*)

ВОСТО́РГ *м* кутакаб разилъи, рохел, хIайранлъи; **смотре́ть с ~ом** хIайранлъун балагьизе; **быть в ~е** кутакалда разилъизе, вохизе, хIайранлъизе; **приводи́ть в ~** хIайранлъизавизе, кутакалда разилъизавизе

ВОСТОРГА́ТЬ *несов. кого-что* хIайранлъизавизе, кутакалда разилъизавизе (вохизавизе)

ВОСТОРГА́ТЬСЯ *несов. кем-чем* хIайранлъизе, кутакалда разилъизе (вохизе)

ВОСТО́РЖЕНН//ЫЙ, -ая, -ое хIайранаб, кутакалда разияб; **~ый челове́к** хIайранав (кутакалда разияв) чи; **~ое отноше́ние** *к чему-л. сундехунниги* хIайранаб балагьи; **~ый взгляд** хIайранаб бербалагьи

ВОСТОРЖЕСТВОВА́ТЬ *сов. над кем-чем* бергьине, бергьенлъи босизе; **~ над врагóм** тушманасдаса бергьине, тушманасда тIад бергьенлъи босизе

ВОСТО́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое 1) бакъбаккул; **~ая грани́ца** бакъбаккул гIурхъи; **~ый ве́тер** бакъбаккул гьури 2) **~ые наро́ды** бакъбаккул рахъалъул халкъал

ВОСТРЕ́БОВАНИ//Е *с* тIалаб гьаби (*кьеян абун*) ◊ **до ~я** (*кьеян абун*) тIалаб гьабизегIан (*тIад цIар хъварав чияс, почалде живго вачIун, кьеян тIалаб гьабизегIан*)

ВОСТРЕ́БОВАТЬ *сов. что* тIалаб гьабун, кьезабизе, (*кьеян*) тIалаб гьабизе; **~ бага́ж** багаж (юк) тIалаб гьабизе

ВОСТРО́ *нареч. разг.*: **держа́ть у́хо ~** цIодорго чIезе, вукIине

ВОСТРОГЛА́ЗЫЙ, -ая, -ое *разг.* бер хехав, кинабго бихьулев

ВОСТРОНО́СЫЙ, -ая, -ое *разг.* тIеренаб бегIерккараб мегIералъул; **~ ма́льчик** тIеренаб бегIерккараб мегIералъул вас

ВОСХВАЛЕ́НИЕ *с* кутакалда (цIакъ) бецци

ВОСХВАЛЯ́ ТЬ *несов. кого-что*: **~ до небе́с** тIасан ккун беццизе, беццун зодобе бахинабизе

ВОСХИТИ́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое хIайранлъизарулеб, гьайбатаб

ВОСХИТИ́ ТЬ *сов. кого-что* хIайранлъизавизе, кутакалда разилъизавизе (вохизавизе)

ВОСХИТИ́ТЬСЯ *сов. кем-чем* хIайранлъизе, цIакъ вохизе (разилъизе)

ВОСХИЩА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **восхити́ ть(ся)**

ВОСХИЩЕ́НИЕ *с* хIайранлъи, кутакалда (цIакъ) разилъи (вохи); **смотре́ть с ~м** хIайранлъун балагьизе; **прийти́ в ~** хIайранлъизе

ВОСХИЩЁННЫЙ, -ая, -ое хIайранлъиялъул цIураб, хIайранлъи загьир гьабулеб; **~ взгляд** хIайранлъиялъул цIураб балагьи; **~ шёпот** хIайранлъи загьир гьабулеб щур-щур

ВОСХО́Д *м* (*по гл.* **восходи́ть**) 1) эхеде (тIаде) бахин; **~ на верши́ ну горы́** мугIрул тIогьире рахин 2) бакки; **~ со́лнца** бакъ бакки; **на ~е со́лнца** бакъ баккулелъул, бакъ баккулаго

ВОСХОД//И́ТЬ *несов.* 1) тIаде бахине; **~и́ть на го́ру** магIарде (тIаде) вахине 2) баккизе; **луна́ ~ит** моцI баккулеб буго 3) *к чему* (*иметь начало*) жиндир байбихьилъун букIине; **мно́гие обы́чаи ~ят к дре́вности** гIемерал гIадатал раккун руго цIакъ черего

ВОСХОДЯ́ ЩИЙ, -ая, -ее эхеде бахунеб, гьоркьа тIаде бахунеб, баккулеб, баккун бачIунеб; **~ая звезда́** эхеде вахун унев, цеве тIолев, цIар загьирлъулев чи

ВОСХОЖДЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **восходи́ть**) вахин, тIаде (эхеде) рахин; **~ на го́ру** магIарде рахин

ВОСЬМЁРКА *ж* 1) (*цифра и карта*) микьилаб; **~ черве́й** аригутазул микьилаб 2) *спорт.* раса (*микьгояс бачунеб*) 3) **восьмерка,** микьилаб (*микьилаб тIад хъвараб автобус, троллейбус ва ц.*) 4) (*искривление колеса*) гьакибер кIиркъи

ВОСЬМИГРА́ННИК *м* восьмигранник, микьго рагIал (мицIир, хьибил) бугеб, микьцибилаб фигура

ВОСЬМИГРА́ННЫЙ, -ая, -ое микьго рагIал (мицIир, хьибил) бугеб, микьцибилаб

ВОСЬМИДЕСЯТИЛЕ́ТИЕ *с* ункъого сон тIубай

ВОСЬМИДЕСЯТИЛЕ́ТНИЙ, -яя, -ее ункъого сон барав; **~ стари́ к** ункъого сон барав херав

ВОСЬМИДЕСЯ́ Т//ЫЙ, -ая, -ое *числ.* ункъоабилеб; **~ые го́ды** ункъоабилел сонал

ВОСЬМИКЛА́ССНИК *м* микьабилеб классалъул цIалдохъан

ВОСЬМИКЛА́ССНИЦА *ж* микьабилеб классалъул цIалдохъан (*яс*)

ВОСЬМИЛЕ́ТКА *ж* (*школа*) микьго сонилаб школа

ВОСЬМИЛЕ́ТН//ИЙ, -яя, -ее 1) микьго сонил(аб); **~ий срок** микьго сонил болжал 2) (*о возрасте*) микьго сон барав; **~яя де́вочка** микьго сон барай яс

ВОСЬМИМЕ́СЯЧНЫЙ, -ая, -ое 1) микьго моцIрол; **~ый срок** микьго моцIрол болжал 2) (*о возрасте*) микьго моцI бараб; **~ ребёнок** микьго моцI бараб лъимер

ВОСЬМИСО́ТЫЙ, -ая, -ое *числ.* микьнусабилеб

ВОСЬМИУГО́ЛЬНИК *м* микьбокIон

ВОСЬМИУГО́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое микьбокIонаб; **~ая ба́шня** микьбокIонаб си

ВОСЬМИЧАСОВО́Й, -а́я, -о́е микьго сагIаталъул(аб); **~ рабо́чий день** микьго сагIаталъул хIалтIул къо

ВОСЬМ//О́Й, -а́я, -о́е *числ.* 1. микьабилеб; **~ой час** микьабилеб сагIат 2. *в знач. сущ.* **~а́я** *ж* (*дробь*) микьил бутIа; **одна́ ~а́я** микьил бутIа, микьго бутIа гьабун, цо бутIа

ВОТ *частица* гьале, гьабеле, гьеле, гьадале, гъоле, доле; **~ идёт по́езд** доле поезд бачIунеб (унеб) буго; **~ ва́с-то мне и на́до** гьеле нужин дие къваригIун ругел; **~ ещё!** гьебги букIана къваригIун! **во́т тебе!** *разг.* ма дуе! гьале дуе (*кьабулаго*)!

ВОТ-ВОТ *нареч. разг.* ахIанже; **подожди́те, он ~ придёт** цодагьалъ лъалхъе, дов ахIанже вачIина (тIаде щвела)

ВОТИ́ РОВАТЬ *сов. и несов. что* гьаракь кьун, къабул гьабизе (*парламенталда*)

ВОТКНУ́ //ТЬ *сов. что во что* къазабизе (*хIунчун, тункун*) чIвазе; **он ~л топо́р в бревно́** дос гIащтIи чIалулъ къазабуна; **~ть иго́лку в пла́тье** рукIкIен гордида чIвазе

ВОТКНУ́ //ТЬСЯ *сов.* къазе (хIунчун, тункун); **иго́лка ~лась в пла́тье** рукIкIен гордида къана

ВОТРУ́ , ВОТРЁШЬ *и т. д. буд. от* **втере́ть**

ВО́ТУМ *м* вотум (*парламенталда: гьаркьие лъун, гьабураб хIукму*); **~ дове́рия (недове́рия)** божилъи (божунгутIи) лъазаби (*парламенталъ хIукуматалъул яги министрасул хIалтIи лъи-кIаблъун яги квешаблъун рикIкIин*)

ВО́ТЧИНА *ж ист.* вотчина (XVIII *векалде щвезегIан Русалда ирсалъе щолеб букIараб чIахIиял ракьазул бетIергьанасул мулк, чIахIиял ракьал*)

ВОЦАР//И́ТЬСЯ *сов.* лъугьине; **в го́роде ~и́лся поря́док** шагьаралда гIадлу лъугьана

ВОЦАРЯ́ ТЬСЯ *несов. см.* **воцари́ться**

ВОШЁЛ, ВОШЛА́ *и т. д. прош. от* **войти́**

ВОШЬ *ж* нацI

ВОШЬЮ́ , ВОШЬЁШЬ *и т. д. буд. от* **вшить**

ВОЩА́НКА *ж* хIе бахараб кагъат, хIедучIорто

ВОЩАНО́Й, -а́я, -о́е хIедул гьабураб

ВОЩЁН//ЫЙ, -ая, -ое хIедулаб, хIе бахараб, хIедулъ ччураб, хIе гьорлъ босараб; **~ые ни́ тки** хIе бахарал кунал

ВОЩИ́ НА *ж* вощина, (1) *машинаялъ кьабураб хIедутIамач* 2) *бацIцIад гьабичIеб хIе*)

ВОЩИ́ ТЬ *несов. что* хIе бахине (чIвазе), хIедулъ ччузе; **~ ни́т-ку** кунада хIе бахине

ВО́Ю, ВО́ЕШЬ *и т. д. наст. от* **выть**

ВОЮ́ Ю, ВОЮ́ ЕШЬ *и т. д. от* **воева́ть**

ВОЯ́ КА *м ирон.* рагъухъан, кьалулав; къедалав (*махсара гьабун абулеб*); хIалбихьи щварав рагъухъан

ВПАДА́//ТЬ *несов.* 1) *см.* **впасть** 2) *во что* (*о реке*) жанибе чвахизе; **Сула́к ~ет в Каспи́йское мо́ре** Сулахъ Каспий ралъдалъе чвахула

ВПАДЕ́НИ//Е *с* **1.** (*по гл.* **впада́ть**) гIодобе (гъоркье, жанибе) ккей (хъами) **2.** (*место слияния рек*) гIорал (лъарал) цолъулеб бакI; **го́род Го́рький стои́ т при ~и Оки́ в Во́лгу** Горький шагьар буго Ока Волгаялде жубалеб бакIалда

ВПА́ДИН//А *ж* жанибе ккараб бакI, гвендккел, гвенд ◊ **глазны́ е ~ы** беразул гьадараби, берзурукъал

ВПА́ИВАТЬ *несов. см.* **впая́ ть**

ВПА́Л//ЫЙ, -ая, -ое жанибе бортараб (ккараб); **~ые щёки** жанире рортарал кIаркьаби

ВПА́РХИВАТЬ *несов. см.* **впорхну́ть**

ВПА//СТЬ *сов.* 1) (*стать впалым*) гIодобе (жанибе, гъоркье) ккезе (бортизе, хъамизе); **у него́ щёки ~ли** досул кIаркьаби жанире рортун (хъамун ун) руго; **глаза́ у больно́го ~ли** унтарасул берал жанире хъамун ун руго 2) *во что перен.* (*дойти до какого-л. состояния*) цо *кинабалиго* хIалалде ккезе; **~сть в уны́ нье** пашманлъизе, ракI бекизе ◊ **~сть в де́тство** лъимадул бакIалде ккезе

ВПАЯ́ ТЬ *сов. что во что* регъезе

ВПЕРВЫ́ Е *нареч.* тIоцебе, тIоцебесеб нухалъ; **я прие́хал в Москву́** ~ дун Москваялде тIоцебесеб нухалъ вачIана

ВПЕРЕВА́ЛКУ *нареч. разг.* рахъ-рахъалде хьвагIулаго (*нухда унаго*); **он шёл** ~ дов, рахъ-рахъалде хьвагIулаго (щинкIулаго), унев вукIана

ВПЕРЕГОНКИ́ *нареч. разг.* цоцаца рехи гьабулаго, цин цояв цеве ккун, цинги цогияв цеве ккун; **де́ти бе́гали** ~ лъимал, цоцаца рехи гьабулаго, рекерулел рукIана

ВПЕРЁД 1. *нареч.* цебе, цебехун (балагьун); **вы́ тянуть ру́ку** ~ квер цебе битIизе; **шагну́ть** ~ цебехун гали тIамизе **2)** (*авансом*) цебеккунго, цебего; **взять пла́ту за ме́сяц** ~ мухь моцIалъ цебе босизе **3)** *разг.* (*впредь*) хадубккун, (*гьанжеялдаса*) хадуб; **~ будь осторо́жен** хадубккун цIодорго вукIа **2.** *в знач. предлога с род. п.* цебе; **пропусти́ ть** *кого-л.* **~ себя́** *щивниги* жиндаса цеве виччазе **3.** *в знач. межд.* **~!** церехун! ◊ **часы́ иду́т** ~ сагIат цебе унеб (кколеб, гIедегIулеб) буго; **дви́гать нау́ку** ~ гIелму цебетIезабизе

ВПЕРЕДИ́ 1. *нареч.* цебе, цебе-цебе; **оте́ц шёл ~, сын не́сколько сза́ди** эмен цеве-цеве унев вукIана, вас цодагьав нахъа (хадув) вукIана 2) (*о будущем*) (*гьанжеялдаса*) хадуб, хадуб ккун; **у него́ ещё вся жизнь** ~ досул жи́ги тIубараб гIумру цебе буго **2.** *в знач. предлога с род. п.* цебе; **он е́хал** ~ **всех** дов киназдасаго цеве унев вукIана

ВПЕРЕМЕ́ЖКУ *нареч.* хис-хисун, хадур-цере, цере-нахъ; **дубы́ и клёны были поса́жены** ~ миккилги чIчIвадилги гъутIби хадур-цере чIун рукIана

ВПЕРЕМЕ́ШКУ *нареч.* жура-гъуран, низам гьечIеб куцалда; **кни́ги лежа́ли ~ с тетра́дями** тIахьал тетрадалгун жура-гъуран рукIана

ВПЕРИ́ТЬ *сов.*: ~ **взор** *в кого-что-л.* (*на кого-что-л.*) бер (пикру) *лъиданиги сунданиги* чIезабизе (тIаде буссинабизе)

ВПЕРИ́ТЬСЯ *сов. в кого-что* бер (пикру) тIад чIезе (тIаде буссине)

ВПЕЧАТЛЕ́НИЕ *с* 1) (*гьабураб, лъугьараб*) асар; **э́ то ~ не изгла́дилось у меня́ до сих пор** гьеб асар жеги лъугIун гьечIо дилъ 2) (*оценка*) асар гьаби (лъугьинаби); **э́тот рабо́тник произво́дит хоро́шее ~** гьав хIалтIухъанас лъикIаб асар гьабулеб буго

ВПЕЧАТЛИ́ ТЕЛЬНОСТЬ *ж* хехго асар лъугьин

ВПЕЧАТЛИ́ ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое хехго (*рекIее*) асар лъугьунеб; **~ ребёнок** хехго (*рекIее*) асар лъугьунеб лъимер

ВПЕЧАТЛЯ́ЮЩ//ИЙ, -ая, -ее (*рекIее*) асар гьабулеб (лъугьинабулеб); **~ее зре́лище** рекIее асар гьабулеб сурат, иш

ВПИВА́ТЬСЯ *несов. см.* **впи́ ться**

ВПИ́САННЫЙ, -ая, -ое *мат.* жаниб хъвараб (бахъараб); ~ **треуго́льник** жаниб хъвараб (бахъараб) лъабокIон

ВПИСА́ТЬ *сов.* 1) *кого-что* (*внести в список, в текст*) гъорлъ хъвазе, тIаде жубазе; ~ **пропу́щенное сло́во** гьоркьоб биччараб ргIи тIаде жубазе 2) *что мат.* жаниб бахъизе; ~ **треуго́льник в круг** горалда жаниб лъабокIон бахъизе

ВПИ́ СЫВАТЬ *несов. см.* **вписа́ть**

ВПИТА́//ТЬ *сов. что* 1) гъорлъ босизе, гъорлъе (гьоркьобе) цIазе; **земля́ ~ла всю вла́гу** ракьуца кинабго регьел гъорлъе цIана 2) *перен.* (*воспринять*) рекIелъ босизе; ~ **но́вые впечатле́ния** цIиял асарал рекIелъ росизе

ВПИТА́//ТЬСЯ *сов.* гъорлъ босизе; **вода́ ~лась в зе́млю** лъим ракьалда гъорлъ босана

ВПИ́ ТЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **впита́ть(ся)**

ВПИ́ //ТЬСЯ *сов. в кого-что* 1) (*присосаться*) хурхине, рекIине; **пия́ вка ~лась в те́ло** горенж черхалда рекIана (хурхана) 2) (*вцепиться*) къан кквезе; **~ться зуба́ми в мя́со** цабзаца гьан къан кквезе 3) (*воткнуться острием*) къазе (*щибниги бегIераб жо*); **зано́за ~лась в пя́ тку** эгъеялда заз къана 4) (*устремить взор*) бер (пикру) буссинабизе

ВПИ́ ХИВАТЬ *несов. см.* **впихну́ть**

ВПИХНУ́ ТЬ *сов. кого-что во что разг.* бугIун къазабизе

ВПЛАВЬ *нареч.* лъедон, лъедолаго; **ко́нница переправи́лась** ~ рекIараб аскар лъедон доб рахъалде бахана

ВПЛЕСТИ́ *сов. что* хьухьине (*сунданиги гъорлъ жубазабун*); ~ **ле́нту в косу́** чалу гъалалда гъорлъ хьухьине

ВПЛЕТА́ТЬ *несов. см.* **вплести́**

ВПЛОТНУ́Ю *нареч.* 1) аскIоб цун, цIакъ гIагардегIан; **парохо́д подошёл ~ к бе́регу** гама ргIалалда аскIобе щвана; ~ **к стене́** къеда аскIоб(е) 2) *перен. разг.* унго-унгояб (букIине кколеб) къагIидаялъ (куцалъ); **он ~ взя́лся за де́ло** дос унго-унгояб (букIине кколеб) къагIидаялъ (куцалъ) иш байбихьана

ВПЛОТЬ *нареч.*: ~ **до …** … щвезегIан, … -гIан; ~ **до Москвы́** Москваялде щвезегIан; ~ **до утра́** рогьинегIан

ВПЛЫВА́ТЬ *несов. см.* **вплыть**

ВПЛЫТЬ *сов. во что* лъедон жанибе лъугьине

ВПОВА́ЛКУ *нареч. разг.* киналго аскIор, хаду-цере, ккувухъе ккара-ккаралъур *(регаразул хIакъалъулъ);* **все спа́ли ~ на полу́** киналго ккара-ккаралъур чIарбида кижун рукIана

ВПОЛГО́ЛОСА *нареч.* (*тIубан*) гьаракь биччачIого, бигьа гьабун; **он пел** ~ дос бигьа гьабун (гьаракь биччачIого) кечI ахIулеб букIана

ВПОЛЗА́ТЬ *несов. см.* **вползти́**

ВПОЛЗТИ́ *сов. во что* хъурщун (шурун) жанибе ине

ВПОЛНАКА́ЛА *нареч.* башдаб багIарун (рекIун), тIубан багIаричIого (рекIинчIого)

ВПОЛНЕ́ *нареч.* тIубанго, цIакъ; **я с ним ~ согла́сен** дун досда тIуван разияв вуго; **я ~ здоро́в** дун тIуван сах вуго

ВПОЛОБОРО́ТА *нареч.* бащдалъ цо рахъалде сверун (вуссун); **на портре́те он изображён** ~ сураталда дов бащдалъ сверун (вуссун) вахъун вуго

ВПОПЫХА́Х *нареч.* гIедегIалихъе, гIедегIиялъ; ~ **я забы́л до́ма де́ньги** гIедегIалихъе дида гIарац рокъоб кIочон тана

ВПО́РУ 1. *нареч.* дурусго; **э́то пла́тье ей** ~ гьаб гурде гьелъие дурусго буго **2.** *в знач. сказ. с неопр.*: **мне ~ уе́хать домо́й** дие рокъове ине заман щун буго

ВПОРХНУ́ //ТЬ *сов.* 1) (*влететь*) пархун жанибе боржине; **ла́сточка ~ла в окно́** милъиршо гордухъа жанибе пархун боржун ана 2) *перен.* хехго (тIадагьго, пархун) жание лъугьине; **де́вочка ~ла в ко́мнату** яс хехго (тIадагьго, пархун) рокъое жание лъугьана

ВПОСЛЕ́ДСТВИИ *нареч.* (*цинги*) нахъа (хадуб); ~ **он узна́ёт об э́ том** цинги (нахъа) лъала досда гьелъул хIакъалъулъ

ВПОТЬМА́Х *нареч.* бецIлъуда, бецIаб бакIалда

ВПРА́ВДУ *нареч. разг.* унго-унголъун, хIакъикъаталда, абухъего, битIухъе; **ду́маешь, я и ~ пойду́ с тобо́й?** дун унго-унголъунги мунгун цадахъ вилълъиниланиц дуда кколеб?

ВПРА́ВЕ *нареч. в знач. сказ. с неопр.* ихтияр буго; **он был ~ его́ наказа́ть** досул ихтияр букIана гьесие тамихI гьабизе

ВПРА́ВИ//ТЬ *сов. что* битIизабизе, битIун ккезабизе, жиндир бакIалде (рукIалиде) ккезабизе; **врач ~л вы́ вихнутую ру́ку** тохтирас борчIараб (къуркъараб) гъеж битIизабуна (жанибе ккезабуна)

ВПРАВЛЯ́ ТЬ *несов. см.* **впра́вить**

ВПРА́ВО *нареч.* кваранаб рахъалде, кваранса; **поверну́ть** ~ кваранаб рахъалде вуссине

ВПРЕДЬ *нареч.* нахъа, (*гьанжеялдаса*) хадуб; ~ **бу́дьте осторо́жнее** хадур цIодорго рукIа; ~ **до утвержде́ния** нахъа тастдикъ гьабизегIан

ВПРИКУ́ СКУ *нареч. разг.* кIалдиб ккун; **пить чай** ~ (*чакар*) кIалдиб ккун, чай гьекъезе

ВПРИПРЫ́ ЖКУ *нареч.* кIанцI-кIанцIун, кIанцIолаго; **ма́льчик бежа́л** ~ вас кIанцIолаго векерулев вукIана

ВПРИТИ́ РКУ *нареч. разг.* цоцада цун, цоцада хъван, цоцада, цоцалъ хъегъон

ВПРИТЫ́ К *нареч. разг.* цоцалъ къан, цоцада цун, гъункун

ВПРО́ГОЛОДЬ *нареч.* вакъун, вакъадго, гIорцIичIого; **жить ~** вакъун гIумру тIамизе

ВПРОК *нареч.* 1) нахърателалъе; **заготовля́ ть** *что-л.* **~** *щибниги* нахърателалъе хIадур гьабизе 2) *разг.* (*на пользу*) пайдаялъе, пайдалъун; **э́ то тебе́ не пойдёт ~** дуе гьелъул пайда ккеларо, гьелъ дуе пайда кьеларо

ВПРОСА́К *нареч. разг.*: **попа́сть ~** лазат бахъараб хIалалде ккезе

ВПРО́ЧЕМ *союз* **1.** (*однако*) амма; **кни́ га хоро́шая, ~ не во всех отноше́ниях** тIехь лъикIаб буго, амма кинабго рахъалъ гуро **2.** *в знач. вводн. сл.* (*выражает нерешительность, колебание*) валлагь, лъаларо; щиб лъалеб, лъида лъалеб; **~, я не зна́ю, реша́й сам** валлагь, лъаларо, дуцаго хIукму гьабе

ВПРЫ́ ГИВАТЬ *несов. см.* **впры́ гнуть**

ВПРЫ́ГНУТЬ *сов.* жанибе кIанцIизе; **~ в ло́дку** росониве кIанцIизе; **~ в ваго́н** вагоналъуве кIанцIизе

ВПРЫ́СКИВАНИЕ *с мед.* **1.** (*по гл.* **впры́ снуть**) жанибе (чорхолъе) биччай (*рукIкIен чIван, мас.: дарман ва ц.*) **2.** (*лекарство*) рукIкIен чIван, чорхолъе биччалеб дарман

ВПРЫ́ СКИВАТЬ *несов. см.* **впры́ снуть**

ВПРЫ́ СНУТЬ *сов. что* жанибе (чорхолъе) биччазе (*рукIкIен чIван*); **~ больно́му камфару́** унтарасул чорхолъе камфара биччазе

ВПРЯГА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **впря́ чь(ся)**

ВПРЯМЬ *частица разг.* битIахъе, хIакъикъаталдаги, унго унголъунги; **и ~ он глуп** дов хIакъикъаталдаги гIантав вуго

ВПРЯСТЬ *сов. что* гъорлъ (гьоркьоб) дургъизе; **~ шелк в шерсть** чиллай квасуда гъорлъ (цадахъ) дургъизе

ВПРЯЧЬ *сов. кого-что во что гьакида ва ц.* базе; **~ лошаде́й в са́ни** чанагъазда чуял разе

ВПРЯ́ ЧЬСЯ *сов. во что* базе (*гьакида ва ц.*), рукьалда гъоркье ккезе ◊ **~ в рабо́ту** захIматаб ва халат бахъараб хIалтIи гьабизе лъугьине

ВПУСК *м* (*по гл.* **впуска́ть**) *кого-чего* жанибе биччай; **~ па́ра в тру́бы** хIухьел трубабазда жанибе биччай

ВПУСКА́ТЬ *несов. см.* **впусти́ ть**

ВПУСКНО́Й -а́я, -о́е жанибе биччалеб; **~ кла́пан** жанибе биччалеб клапан

ВПУСТИ́ ТЬ *сов. кого-что* жанибе биччазе; **~ пу́блику** гIадамал жанире риччазе; **~ све́жий во́здух в ко́мнату** бацIцIадаб (цIияб) гьава рокъобе биччазе

ВПУСТУ́ Ю *нареч. разг.* гIадада, чIалгIаде, щибниги хIасил ккечIого; **стара́ться ~** гIадада яхI бахъизе

ВПУ́ТАТЬ *сов. кого-что во что разг.* гъорлъ къазабизе, гьоркьобе (гьорлъе) цIазе (*къвариг1ел гьечIеб ишалде*); **~ в неприя́т-ности** лазат бахъарал ишазда гъорлъе цIазе

ВПУ́ ТАТЬСЯ *сов. во что разг.* гьорлъе ккезе, гьорлъ къан хутIизе (*лазат бахъараб ишалда*); **~ в скандал** гьалмагъиралда гьоркьове ккезе

ВПУ́ ТЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **впу́тать(ся)**

ВПЯ́ТЕРО *нареч.* щуцIул, щуго нухалъ; **заплати́ть ~ ме́ньше** щуцIул (щуго нухалъ) дагь кьезе

ВПЯТЕРО́М *нареч.* щуявго цадахъ

В-ПЯ́ ТЫХ *вводн. сл.* щуабизе (*бугони*)

ВРАГ *м* тушман; **кла́ссовый ~** классияв тушман; **~ бу́дет разби́т** тушман щущазавизе вуго; **~ куре́ния** папирос цIаялъул тушман

ВРАЖД//А́ *ж* тушманлъи, кьал; **непримири́мая ~а** рекъел гьечIеб тушманлъи; **пита́ть ~у** *к кому-л.* лъидехуннигги тушманлъи букIине

ВРАЖДЕ́БНО 1. *нареч.* тушманлъиялда; **он ~ настроен к нам** дов нижедехун тушманлъиялда вуго **2.** *в знач. сказ.* тушманаб буго; **э́ то ~ нам** гьеб нижее тушманаб буго

ВРАЖДЕ́БНОСТЬ *ж* тушманлъи; **~ поли́тики** политикаялъул тушманлъи; **встре́тить** *кого-л. с* **~ю** *щивниги* тушман-лъиялда дандчIвазе

ВРАЖДЕ́БН//ЫЙ, -ая, -ое тушманаб, тушманлъиялъулаб; **~ые отноше́ния** тушманлъиялъулал гьоркьорлъаби; **~ые де́йствия** тушманлъиялъулал ишал

ВРАЖДОВА́ТЬ *несов.* тушманлъи (кьал) гьабизе **~ друг с дру́гом** цоцадехун тушманлъи (кьал) гьабизе

ВРА́ЖЕСК//ИЙ, -ая, -ое тушманасулаб; **~ая а́рмия** тушманасулаб армия (аскар)

ВРАЗБИ́ВКУ *нареч.* бикь-бикьун, биххбиххун, гьоркьо-гьоркьосан; **спра́шивать** *что-л.* **~** *щибниги жо* гьоркьо-гьоркьоса гьикъизе

ВРАЗБРО́Д *нареч.* 1) рахъ-рахъалде щущан, бикь-бикьун, цокIаллъи гьечIого 2) (*недружно*) гьудуллъи (цолъи) гьечIого; **де́йствовать ~** гьудуллъи гьечIого, иш гьабизе

ВРАЗБРО́С *нареч. разг.* щущан, жиб-жиб батIаго, рахъ-рахъалде бан; **кни́ ги лежа́ли ~** тIахьал рахъ-рахъалде ран рукIана

ВРАЗВА́ЛКУ *нареч.* хьвагIолаго, щинкIулаго ва гIедегIи-чIого; **ходи́ ть ~** хьвагIолаго хьвадизе

ВРАЗНОБО́Й *нареч. разг.* батIа-батIаго, цоцалъ рекъечIого; **де́йствовать ~** батIа-батIаго (цоцалъ рекъечIого) иш гьабизе

ВРАЗНО́С *нареч.* къотIнобе, азбаралде босун (*къайи*); **продава́ть това́ры ~** къайи, къватIибе босун, бичизе

ВРАЗРЕ́З *нареч.*: **идти́** *~ с чем-л. сунденги* гIаксалда (данде къотIун, данде чIун) гьабизе (ине)

ВРАЗРЯ́ ДКУ *нареч. полигр.* хIарпал лъедер гьарун; **набра́ть сло́во ~** хIарпал лъедер гьарун, ргIи бищизе

ВРАЗУМИ́ ТЕЛЬНО *нареч.* бичIчIуледухъ, баянго

ВРАЗУМИ́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое бичIчIулеб, баянаб; **~ отве́т** баянаб жаваб

ВРАЗУМИ́ТЬ *сов. кого-что* кантIизавизе, рекIеда ватизавизе, бичIчIизабизе, малъъ босизабизе, цIодор гьавизе; **~ шалуна́** гогьма кантIизавизе

ВРАЗУМЛЯ́ ТЬ *несов. см.* **вразуми́ ть**

ВРА́КИ *мн. разг.* гьерсал, чIана, ургъун рахъарал гьерсал

ВРАЛЬ *м разг.* гьерсихъан, пударухъан, гIадада гаргадулев (чIана бицунев) чи

ВРАНЬЁ *с разг.* **1.** (*по гл.* **врать**) гьереси бицин **2.** (*ложь*) гьереси

ВРАСПЛО́Х *нареч.* тохлъукьего, ракIалдаго гьечIого; **заста́ть ~** тохлъукьего тIаде ккезе (ватизе)

ВРАССЫПНУ́Ю *нареч.* биххун, щущан, щуща-хъухъан, рахъ-рахъалде тIибитIун; **бро́ситься ~** рахъ-рахъалде риххун, тIуризе

ВРАСТА́ТЬ *несов. см.* **врасти́**

ВРАСТИ́ *сов.* бижун жанибе ине, *сунданиги* жаниб гIезе; **но́готь врос в те́ло** малъ гьаналъе жанибе ун буго

ВРАСТЯ́ ЖКУ *нареч. разг.* 1) (*вытянувшись*) щват битIун; **лежа́ть ~** щват битIун вегизе 2) (*растягивать слова*) ргIаби халат рахъун (цIазарун) абизе; **говори́ ть ~** халат рахъун ргIаби абун, гаргадизе

ВРАТА́РЬ *м спорт.* вратарь (*футбол, хоккей хIалаго, каву цIунулев чи*)

ВРАТЬ *несов. разг.* 1) гьереси бицине 2) (*быть неточным*) мекъи бицине (бихьизабизе); **часы́ врут** сагIтица (заман) мекъи бихьизабулеб буго 3) (*хвастать*) веццаризе, пударизе; **~ без у́молку** гьоркьоса къотIичIого, веццаризе (пударизе)

ВРАЧ *м* тохтир; **~-терапе́вт** тохтир-терапевт; **вы́звать ~а́** тохтир ахIизе

ВРАЧЕ́БН//ЫЙ, -ая, -ое тохтирзабазул; **~ая по́мощь** тохтирасул кумек

ВРАЩА́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое (*mIад*) тирулеб (сверулеб), хженолеб; **~ое движе́ние** (тIад) тирулеб (сверулеб, хженолеб) багъари 2) (*производящий вращение*) (*mIад*) тиризабулеб, сверизабулеб, свердизабулеб, хженезабулеб; **~ая си́ла** хженезабулеб гуч

ВРАЩА́//ТЬ *несов. что, чем* (*жибго жиндаго mIад*) тиризабизе, хженезабизе; **~ть колесо́** чарх хженезабизе; **вода́ ~ет ме́льницу** лъеца гьобо тиризабула (хженезабула) ◊ **~ть глаза́ми** рахIат хун, берал хженезаризе

ВРАЩА́//ТЬСЯ *несов.* 1) тиризе, терезе, хженезе, свердизе; **земля́ ~ется вокру́г свое́й оси́** ракь жиндирго хIосида тIад сверулеб буго 2) *перен.* свер-свердизе; даим гьоркьов вукIине; **он ~ется среди́ молодёжи** гьев даимго гIолохъабазда гьоркьов вукIуна

ВРАЩА́ЮЩ//ИЙСЯ, -аяся, -еяся тIад тирулеб, сверулеб, хженолеб; **~еяся кре́сло** тIад тирулеб (сверулеб) кресло; **~иеся сте́нды** тIад тирулел стендал

ВРАЩЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **враща́ть**) тиризаби, сверизаби, хженезаби **2.** (*по гл.* **враща́ться**) тири, свери, хженей

ВРЕД *м* зарар, зиян; **во ~** *кому-л. лъиениги* зараралъе; **причини́ ть ~** зарар гьабизе

ВРЕДИ́ТЕЛ//Ь *м* 1) (*насекомое*) зарарияб хIутI-хъумур (хIут1); **~и зла́ков** могьое зарар гьабулел хIутIал 2) (*человек*) зарарчи, зиянчи

ВРЕДИ́ ТЕЛЬСТВО *с* зараречилъи, зиянчилъи

ВРЕДИ́ //ТЬ *несов. кому-чему* зарар (зиян) гьабизе; **куре́ние ~т здоро́вью** хъалиян цIаялъ сахлъиялъе зарар гьабула

ВРЕ́ДНО 1. *нареч.* квеш; **куре́ние ~ де́йствует на органи́ зм** хъалиян цIаялъ ургьимесалъе квеш асар гьабула **2.** *в знач. сказ.* зарараб буго; **э́ то ~ для здоро́вья** гьеб сахлъиялъе зарараб буго; **кури́ ть ~** хъалиян цIазе цIай зарараб буго

ВРЕ́ДНОСТЬ *ж* зарар буголъи (букIин)

ВРЕ́ДН//ЫЙ, -ая, -ое зарараб, зиянаб; **~ый для здоро́вья** сахлъиялъе зарараб; **~ая тео́рия** зарар гьабулеб теория

ВРЕ́ЖУ, ВРЕ́ЖЕШЬ *и т. д. буд. от* **вре́зать**

ВРЕЖУ́, ВРЕДИ́ ШЬ *и т. д. наст. от* **вреди́ ть**

ВРЕ́ЗА//ТЬ *сов. что во что* гIанлъун къачIараб бакIалда лъезе; **столя́р ~л замо́к в дверь** устарас нуцIида рахай гIанлъараб бакIалда рекъезабуна

ВРЕ́ЗА//ТЬСЯ *сов. во что* 1) гъорлъ речIчIизе, речIчIун къазе; **ло́дка ~лась в прибре́жный песо́к** раса ргIалда бугеб салулъ речIчIана 2) (*войти глубоко*) жанибе къан ине; **кольцо́ ~лось в па́лец** баргъич килщида жанибе къан ун буго 3) *перен.* (*ворваться*) гьоркьобе (гъорлъе) кIанцIизе; **~ться в толпу́** гIадамазул гуриялда (руккалида) гьоркьове кIанцIизе 4) *перен.* (*запечататься*) гъваридго рекIелъе ине, рекIелъ щулаго цIунун хутIизе; **~ться в па́мять** рекIелъ щулаго цIунун хутIизе

ВРЕЗНО́Й, -ая, -ое гIанлъараб бакIалда лъураб; **~ замо́к** нуцIа гIанлъун лъураб рахай

ВРЕ́ЗЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **вре́зать(ся)**

ВРЕМЕНА́МИ *нареч.* мех-мехалда, зама-заманалда, цо-цо мехалъ, гьоркьо-гьоркьоб; **~ шёл дождь** мех-мехалда (зама-заманалда, гьоркьо-гьоркьоб) цIад балеб букIана

ВРЕ́МЕННО *нареч.* заманалъ, дагьаб мехалъ, болжал цIан; **~ исполня́ ющий обя́ занности** заманалъ тIадал ишал тIуразарулев

ВРЕМЕНН//О́Й, -а́я, -о́е заманалъул(аб); **~а́я связь** заманалъулаб бухьен; **~а́я зави́ симость** заманалда бай (бараблъун букIин)

ВРЕ́МЕНН//ЫЙ, -ая, -ое заманалъулаб, заманалъе (дагьаб мехалъе) бугеб, болжал цIан бугеб; **~ая рабо́та** заманалъе бугеб хIалтIи; **~ая постро́йка** заманалъе бараб бакI; **~ое прави́ тельство** заманалъе бищараб хIукумат

ВРЕ́М//Я *с в разн. знач.* заман, мех, гIуж; **свобо́дное ~я** эркенаб заман; **рабо́чее ~я** хIалтIул заман; **в любо́е ~я** бокьараб мехалъ; **в да́нное ~я** гьаб заманалда; **в ука́занное ~я** бихьизабураб заманалда; **всё ~я** кидаго, даим; **ско́лько ~ени?** заман кигIан бугеб? сагIат чан бугеб?; **в на́ше ~я** нилъер (нижер) заманаялъ; **но́вые ~ена́** цIияб (батIияб) заман; **во ~ена́ Петра́ Пе́рвого** Петр Первыясул заманалда; **не отстава́ть от ~ени** заманалдаса нахъа хутIунгутIизе; **~я се́ва** рекъул заман; **~ена го́да** лъагIалил заманаби; **настоя́ щее ~я** *грамм.* гьанже заман; **прошедшее ~я** *грамм.* араб заман; **бу́дущее ~я** *грамм.* бачIунеб заман ◊ **~я от ~ени, по ~ена́м** зама-заманалда, гьоркьо-гьоркьоб, мех-мехалъ; **от ~ени до ~ени** цо-цо мехалъ; **в своё ~я** жиндир заманалда; **в ско́ром ~ени** кватIичIого, заман иналдего, хеккого; **до сего́ ~ени** гьанжелъизегIан; **ра́ньше ~ени** заман щвелалде; **~я идёт** замана унеб буго; **~я пока́жет** заманаялъ бихьизабила (бицина); **провести́ ~я** заман тIамизе; **тра́тить ~я** заман хвезабизе

ВРЕМЯИСЧИСЛЕ́НИЕ *с* календарияб заманалъул хIисаб гьаби

ВРЕМЯ́НКА *ж* 1) гьитIинаб добе-гьанибе босизе бегъулеб мали 2) заманалъе гьабураб маххул печь; заманалъе гьабураб рукъ

ВРЕМЯПРЕПРОВОЖДЕ́НИЕ *с* заман инаби (тIами); **весёлое ~** аваданлъиялда заман тIами

ВРО́ВЕНЬ *нареч. с чем* бащадго, цо даражаялда (къадаралда); **вода́ ~ с края́ми бо́чки** чирмаялъул мицIиралда бащадго буго лъим

ВРО́ДЕ 1. *предлог с род. п.* гIадин, гIадаб, релълъун, релълъараб; **пальто́ ~ моего́** дир гIадаб (диралда релълъараб) пальто; **он ~ заболе́л** дов унтарав гIадин вуго

ВРОЖДЁННЫЙ, -ая, -ое ургьисаго бугеб, гьабуралдаса (бижаралдаса) нахъего тIабигIатлъун (хасиятлъун) бугеб, тIабигIияб, гъорлъ бессараб; **~ тала́нт** тIабигIияб пагьму (гьунар); **~ поро́к сердца** ургьисаго бугеб рекIел гъая

ВРОЗЬ *нареч.* батIа-батIаго, батIаго; **они живу́т ~** дол батIа-батIаго руго

ВРО́Ю, ВРО́ЕШЬ *и т. д. буд. от* **врыть**

ВРУ, ВРЁШЬ *и т. д. наст. от* **врать**

ВРУБА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **вруби́ ть(ся)**

ВРУБИ́ ТЬ *сов. что во что* хвалхьун (къотIун, бухъун) жаниб лъезе; **~ в лёд боче́нок** цIер къотIун, чирмакъали жаниб лъезе

ВРУБИ́ТЬСЯ *сов. во что* 1) (*проникнуть, рубя*) бухъун (бихъизабун, тIезабун, къотIун) жанибе лъугьине; **~ в ка́менную поро́ду** гамачI гIанлъун, жанибе лъугьине 2) *воен.* хвалчаца нух бахъун, тушбабазул кьеразда гьоркьове лъугьине

ВРУБМАШИ́ НА *ж* борлъарулеб машина, гамачI борлъулеб (гIанлъулеб) машина

ВРУКОПА́ШНУЮ *нареч.* квераз яги квердзул ярагъалъ; **дра́ться ~** гъорлъе журан, заруда (хочода) рагъизе

ВРУН *м разг.* гьерсихъан, пударухъан

ВРУ́ НЬЯ *ж* гьерсихъан, пударухъан

ВРУЧА́ТЬ *несов. см.* **вручи́ ть**

ВРУЧЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **вручи́ть**) (кодобе) кьей; **~ награ́ды** шапакъат (кодобе) кьей

ВРУЧИ́ ТЬ *сов. кого-что кому лъиениги щибниги* кьезе; **~ о́рден** орден кьезе

ВРУЧНУ́ Ю *нареч.* квералъ (квераз); **копа́ть ~** квераз бухъизе

ВРЫВА́ТЬ *несов. см.* **врыть**

ВРЫВА́ТЬСЯ *несов. см.* **ворва́ться**

ВРЫТЬ *сов. что* бухъун жаниб лъезе, ракьулъ лъезе; **~ столб** хIуби ракьулъ лъезе (къазабизе)

ВРЯД ЛИ *частица* щакаб жо буго, ракIалде кколаро, батилин кколаро; **~ он придёт** дов вачIин щакаб жо буго, дов вачIинилан кколаро

ВС- «вз»- *приставкаялъул бакIалда гъугъал гьаркьикъал гьаркьазда цебе хIалтIизабула, мас.*: **вскипе́ть** гьализе

ВСАДИ́ ТЬ *сов. что во что* 1) кьабун къазабизе, чIвазе, хIунсизе; **~ топо́р в де́рево** гъотIолъ гIаштIи къазабизе 2) (*выстрелив, попасть*) кьвагъун щвезабизе; **~ снаря́д в блинда́ж** гIарададул гулла блиндажалда щвезабизе

ВСА́ДНИК *м* рекIарав

ВСА́ДНИЦА *ж* рекIарай

ВСА́ЖИВАТЬ *несов. см.* **всади́ ть**

ВСА́СЫВАНИЕ *с* **1.** (*по гл.* **вса́сывать**) цIункIи, жиндаго гьоркьобе (гъорлъе, жанибе) цIай **2.** (*по гл.* **вса́сываться**) гьоркьобе (гъорлъе, жанибе) цIан ин

ВСА́СЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **всоса́ть(ся)**

ВСЕ *см.* **ВЕСЬ**

ВСЕ- *журарал ргIабазул байбихъуда «кинабго», «тIолго» абураб магIна кьолеб бутIа, мас.*: **всероссийский** тIолгороссиялъулаб

ВСЁ[1] **1.** *нареч. разг.* 1) (*всегда, постоянно*) даим, кидаго; **он ~ рабо́тает** дов кидаго хIалтIулев вукIуна 2) (*до сих пор*) жеги; **дождь ~ (ещё) идёт** цIад жеги балеб буго 3) (*только, именно*) кинабго кидаго; **э́то ~ ты винова́т** гьаб кинабго дур гIайибалдалъун буго **2.** *в знач. частицы* (*со срав. ст.*) тIадеялдаса тIаде; **мы бежа́ли ~ быстре́е и быстре́е** ниж тIадеялдаса тIаде хех рекерулел рукIана **3.** *в знач. союза* (*все-таки*) кинго; **как он ни стара́ется, ~ не выхо́дит** дос кигIан яхI бахъаниги, кинго лъугьунеб гьечIо ◊ **~ же, ~ ж** (кигIан) кин бугониги, гьедин бугониги (букIаниги); **он ~ же согласи́ лся** кин бугониги, дов рази-лъана; **мне ~ равно́** дие батIалъи гьечIо

ВСЁ[2] **1.** *см.* **весь 2.** *в знач. сущ.* кинабго (жо); **~ его́ ра́довало** киналъго дов воххизавулаан

ВСЕВОЗМО́ЖНЫЙ, -ая, -ое цIакъго батIи-батIияб, букIине бегъулебщинаб; **~ые това́ры** цIакъго батIи-батIияб къайи

ВСЕВОЗРАСТА́ЮЩИЙ –ая, -ое чIечIого цIикIкIунеб (гIемерлъулеб)

ВСЕВЫ́ШНИЙ, -яя, -ее тIадегIанав (А*ллагь*)

ВСЕГДА́ *нареч.* даим(го), кидаго; **я ~ гото́в** дун кидаго хIадурго вукIуна (хIадурав вуго)

ВСЕГДА́ШН//ИЙ, -яя, -ее *разг.* кидагосеб, даимаб; **~ие жа́лобы** даимал гIарзал, даимаб зигарди

ВСЕГО́ 1. *нареч.* (*итого*) кинабниги, кинабго, кинабго данде къан; **~ израсхо́довано сто рубле́й** кинабниги харж гьабун буго нусго гъурущ **2.** *частицы усил.* (*только лишь*) гIицIго; **он ~ на четы́- ре го́да ста́рше меня́** дов гIицIго ункъо соналъ кIудияв вуго дидаса ◊ **~ хоро́шего** лъикIаб бихьаги; **~ ничего́** *разг.* цIакъ дагьаб; **то́лько и ~** цохIо гьеб, тIокIаб жо гьечIо

ВСЕЗНА́ЙКА *м, ж разг.* живго кинабго лъалевлъун рикIкIунев чи

ВСЕЛЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **всели́ ть**) жанире гочинари **2.** (*по гл.* **всели́ ться**) жанире гочин; **~ в но́вый дом** цIияб рокъоре гочин

ВСЕЛЕ́ННАЯ *ж* 1) (*мироздание*) тIолго дуниял (гIалам), зоб-ракь, дуниял-гIалам 2) (*земля*) ракь, дуниял

ВСЕЛИ́ТЬ *сов.* 1) *кого-что во что* (*поселить*) жанибе гочинабизе; **~ в кварти́ру** рокъоре гочинаризе 2) *что в кого-что перен.* ккезабизе, бижизабизе, лъугьинабизе; **~ наде́жду** хьул лъезабизе (бижизабизе)

ВСЕЛИ́ //ТЬСЯ *сов.* 1) бакI ккевезе, гочун жанив чIезе, жаниве гочине; **~ться в но́вый дом** цIияб рокъове гочине 2) *перен.* ккезе, лъугьине, бижизе; **в се́рдце ~лся страх** рекIелъе хIинкъи ккун буго

ВСЕЛЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **всели́ ть(ся)**

ВСЕМЕ́РНО *нареч.* кинабго рахъалъ(ан); **помога́ть ~** кинабго рахъалъан кумек гьабизе

ВСЕМЕ́РН//ЫЙ, -ая, -ое кинабго рахъалдасан бугеб, киналго тадбираздалъун гьабулеб; **~ая подде́ржка** кинабго рахъалдасан бугеб (гьабулеб) кумек

ВСЕ́МЕРО *нареч.* анкьго нухалъ, анкьцIул

ВСЕМЕРО́М *нареч.* анкьгояв цадахъ; анкьавго; **рабо́тали ~** анкьавго хIалтIулев вукIана

ВСЕМИ́ РНО-ИСТОРИ́ ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое тIолго дунялалъулго тарихияб; **~ые побе́ды** тIолго дунялалъулго тарихиял бергьенлъаби

ВСЕМИ́ РН//ЫЙ, -ая, -ое тIолго дунялалъул; **~ая исто́рия** тIолго дунялалъул тарих (история)

ВСЕМОГУ́ ЩЕСТВО *с* къудрат, хIалкIолъи, кинабго жоялъе кверщел буголъи

ВСЕМОГУ́ ЩИЙ, -ая, -ее къудратаб, къудрат бугеб, *сундуениги* хIалкIолъи (ихтияр, кверщел) бугеб

ВСЕНАРО́ДН//ЫЙ, -ая, -ое тIолго халкъалъулаб, тIолго халкъалъе гIаммаб; **~ое движе́ние в защи́ту ми́ра** рекъел цIуниялъе тIолго халкъалъулаб багъа-бачари

ВСЕО́БУЧ *м* всеобуч (*киназего тIадаб цIали*)

ВСЕО́БЩ//ИЙ, -ая, -ее киназего (тIолазего) гIаммаб (гIахьалаб); **~ее избира́тельное пра́во** киназего гIаммаб рищиялъулаб ихтияр

ВСЕОБЪЕ́МЛЮЩ//ИЙ, -ая, -ее кинабго жанибе бачунеб; **~ий ум** кинабго жанибе бачунеб гIакълу; **~ие зада́чи** кинабго жанибе бачунел масъалаби

ВСЕОРУ́ ЖИ//Е *с*: **во ~е** а) (*в полной готовности*) тIубан хIадурго; б) (*в совершенстве владея чем-л.*) камилго, камилаб кучалда *щибниги* лъазабун

ВСЕПОБЕЖДА́ЮЩ//ИЙ, -ая, -ее киналдасаго бергьунеб, кинабго къезабулеб; **~ая си́ла иде́й** сундасаго бергьунеб пикру (идея), пикруялъул къуват

ВСЕПОГЛО́ЩАЮЩ//ИЙ, -ая, -ее кинабго хIебтIулеб (къулчIулеб, жанибе бачунеб); **~ее чу́вство** кинабго жанибе бачунеб рекIел асар

ВСЕРОССИ́ЙСКИЙ, -ая, -ое тIолгороссиялъулаб; **~ съезд** тIолгороссиялъулаб съезд

ВСЕРЬЁЗ *нареч.* унго-унго(лъун); **пора́ ~ взя́ться за учёбу** цIалуде унго-унголъун тIаделъизе заман щвана

ВСЕСИ́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое цIакъ кутакаб (гучаб), кинабго кверщел-къуват кодосеб; мурадалде щвезе гIурхъи-рахъ гьечIеб

ВСЕСТОРО́ННЯ//ИЙ, -яя, -ее кинабго рахъалъулаб, тIолалго рахъал хIисабалде росараб; **~ее разви́тие** кинабго рахъалъулаб цебетIей, кинабго рахъалъ церетIей

ВСЕУСЛЫ́ШАНИЕ *с*: ◊ **во ~** киназдаго ргIуледухъ; **объявить** *что-л.* **во ~** *щибниги жо* киназдаго ргIуледухъ лъазабизе (абизе)

ВСЕХ *род., вин. и предл. п. от* **все**

ВСЕЦЕ́ЛО *нареч.* тIубанго, тIубан кинабго, рас хутIичIого, нахъе жо течIого; **он ~ погружён в рабо́ту** дов тIуванго хIалтIулъ тIерхьун вуго

ВСЕЯ́ ДН//ЫЙ, -ая, -ое щибго кваналеб, кинабго жо кунеб; **~ое живо́тное** щибго кваналеб (кинабго жо кунеб) хIайван

ВСКА́КИВАТЬ *несов. см.* **вскочи́ ть**

ВСКА́ПЫВАТЬ *несов. см.* **вскопа́ть**

ВСКАРА́БКАТЬСЯ *сов. разг.* харизе, харун вахине; **~ на го́ру** харун магIарде вахине, магIарде харизе

ВСКАРА́БКИВАТЬСЯ *несов. см.* **вскара́бкаться**

ВСКА́РМЛИВАНИЕ *с* (*по гл.* **вска́рмливать**) кваназаби; **~ молоко́м** рахь гьекъезаби (хахизаби)

ВСКА́РМЛИВАТЬ *несов. см.* **вскорми́ ть**

ВСКАЧЬ *нареч.* кIанцIулаго, ункъиде кIанцIун, биччан, тIамун; **е́хать ~** биччан чугун ине

ВСКИ́ДЫВАТЬ *несов. см.* **вски́ нуть**

ВСКИ́ НУТЬ *сов. что* 1) *на что* (*mIаде*) рехизе, бахинабизе, борхизе; **~ мешо́к на пле́чи** къандалъо гъажалде рехизе 2) (*поднять быстрым движением*) (*эхеде*) рехизе; **~ ружьё** туманкI гъажалде рехизе

ВСКИПА́ТЬ *несов. см.* **вскипе́ть**

ВСКИПЕ́//ТЬ *сов.* 1) гьалдезе лъугьине; **молоко́ ~ло** рахь гьалана 2) *перен.* (*вспылить*) ццидахине, ццидахун кIалъазе

ВСКИПЯТИ́ ТЬ *сов. что* гьализабизе, гьалдезабизе; **~ во́ду** лъим гьализабизе

ВСКЛОКО́ЧЕННЯ//ЫЙ, -ая, -ое гъал-гъалараб, керчаб; **~ая голова́** керчаб бетIер; **~ые во́лосы** гъалараб рас

ВСКЛОКО́ЧИТЬ *сов. что разг.* гьализабизе (*рас*)

ВСКОЛЫХНУ́ //ТЬ *сов. кого-что* багъа-бачаризабизе, гьаргъадизабизе, хьвагIезабизе, карачалахинабизе; **ве́тер ~л листву́** гьороца тIанхал рагъарахъдизаруна; **революцию ~ла наро́дные ма́ссы** революциялъ халкъул гIаламго багъа-бачаризабуна

ВСКОЛЫХНУ́//ТЬСЯ *сов.* гьаргъадизе, кIобокIизе, хьвагIезе, багъаризе, багъа-бачаризе; **рожь ~лась** огоб хьвагIезе лъугьана; **наро́дные ма́ссы ~лись** халкъ багъа-бачарана

ВСКОЛЬЗЬ *нареч.* тIаса-масаго, гьварилъуде (баяназде) ваккичIого; **в статье́ об э́том ска́зано то́лько ~** макъалаялда гьелъул хIакъалъулъ тIаса-масаго, гьорлъе раккичIого, бицун буго

ВСКОПА́ТЬ *сов. что* бухъизе, бухъун гьогь гьабизе; **~ гря́дки** кьерал рухъизе

ВСКО́РЕ *нареч.* хеккого, кватIичIого, хехаб заманалда жаниб, гIемер мех иналдего; **он ~ отве́тил на письмо́** дос хеккого кагътие жаваб кьуна (бачIана); **он ~ придёт** дов кватIичIого вачIина

ВСКОРМИ́ТЬ *сов. кого уст. высок.* (*вырастить, воспитать*) хьихьун гIезавизе, тарбия кьезе

ВСКОЧИ́ //ТЬ *сов.* 1) *на кого-что, во что* векерун тIаде вахине; **~ть в ваго́н** векерун вагоналъуве вахине; **он ~л на коня́** дов векерун чоде вахана 2) (*быстро подняться*) хехго тIаде вахъине; **~ть с ме́ста** хехго чIаралъуса тIаде ваъхъине 3) *разг.* (*появиться*) баккизе, бижизе, бахъине; **на лбу ~ла ши́шка** надалда гIамгIара бахъана

ВСКРИ́ КИВАТЬ *несов. см.* **вскри́ кнуть**

ВСКРИ́КНУТЬ *однокр. к* **вскри́кивать; ~ от испу́га** хIинкъиялъ ахIун биччазе, гьаракъ гьабизе

ВСКРУЖИ́ ТЬ *сов.*: **~** *кому-л.* **го́лову** *лъилниги* бетIер сверизабизе, *щивниги* мекъи ккезавизе

ВСКРЫВА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **вскры́ ть(ся)**

ВСКРЫ́ ТИЕ *с* **1.** (*по гл.* **вскрыть**) 1) рагьи, ричIи 2) *мед.* суй 3) *перен.* батизаби, тIатинаби **2.** (*по гл.* **вскры́ться**) рагьи, ричIи; тIатин, загьирлъи; **~ реки́** гIор рагьи (*ихдал цIородаса бацIцIалъи*)

ВСКРЫТЬ *сов. что* 1) (*распечатать*) рагьизе, ричIизе; **~ письмо́** кагъат рагьизе 2) *мед.* сузе, къотIун (сун) жанире ра-

ккизе; ~ **труп** жаназа сузе (сун жанире раккизе) 3) *перен.* (*обнаружить*) тIатинабизе, загьир гьабизе, къватIиб чIвазабизе; ~ **недостатки в рабо́те** хIалтIулъ гIунгутIаби тIатинаризе

ВСКРЫ´ //ТЬСЯ *сов.* 1) рагьизе, къватIибе баккизе, бихъизе; **нары́ в ~лся** тIихь (хьордораб бак1) бихъана (рагьана) 2) (*освободиться ото льда*) рагьизе, цIородаса бацIцIалъизе; **река́ ~лась** гIор рагьана (цIородаса бацIцIалъана) 3) *перен.* (*обнаружиться*) тIатине, батизе, загьирлъизе; **~лись причи́ны пораже́ния** къеялъе гIиллаби загьирлъана

ВСЛАСТЬ *нареч. разг.* хIалхьезегIан, гIорцIизегIан, бокьанагIан, гIезегIан; **порабо́тать** ~ хIалхьезегIан хIалтIизе

ВСЛЕД *нареч.* хадуб, хаду-хадуб, хадубго (цун); **он посла́л телегра́мму ~ за письмо́м** дос кагътида хадубго телеграмма битIун ана; **он смотре́л ~ по́езду** дов поездалда хадув валагьун вукIана ◊ **~ за тем** гьелда хадубго, хадубго цун

ВСЛЕ́ДСТВИЕ *предлог с род. п.* …-ялдалъун, сабаблъун; ~ **боле́зни он оста́лся до́ма** унтиялдалъун дов рокъов хутIана

ВСЛЕПУ́Ю *нареч.* 1) (*не видя*) (*канлъи*) бихьичIого, бецIлъу́хъе, (*тIаде*) балагьичIого; **сыгра́ть па́ртию ~** тIаде балагьичIого, партия хIазе; **печа́тать на маши́нке ~** машинкаялда, тIаде балагьичIого, кьабизе 2) *перен.* (*наугад*) хIакъикъат лъачIого, ракIалде кковухъе; **начина́ть де́ло ~** хIакъикъат лъачIого (ракIалде кковухъе),иш байбихьизе

ВСЛУХ *нареч.* ргIизабун; **чита́ть ~** ргIизабун цIализе

ВСЛУ´ ШАТЬСЯ *сов. во что* (*кIвар кьун*) гIин тIамизе, гIенеккизе; ~ **в разгово́р** кIалъаялъухъ (гаргаралъухъ) гIин тIамизе (гIенеккизе)

ВСЛУ´ ШИВАТЬСЯ *несов. см.* **вслу́шаться**

ВСМА́ТРИВАТЬСЯ *несов. см.* **всмотре́ться**

ВСМОТРЕ́//ТЬСЯ *сов. в кого-что* лъикI бала-гъалагьизе (балагьун бихьизе); **я ~лся в него́ и узна́л** дун досухъ лъикI бала-гъалагьана, ва (дида дов) лъана

ВСМЯ´ ТКУ *нареч.* бетизабун; **свари́ ть яйцо́ ~** хоно бетизабизе

ВСО́ВЫВАТЬ *несов. см.* **всу́нуть**

ВСОСА́//ТЬ *сов. что* хахизе, цIункIизе, жиндаго гьоркьобе (жанибе, гъорлъе) цIазе; **цветы́ ~ли во́ду** тIугьдуз лъим гъорлъе цIана ◊ **~ть с молоко́м ма́тери** эбелалъул рахьгун хахизе, гьитIинаб мехалдасаго ругьунлъизе

ВСОСА́//ТЬСЯ *сов. в кого-что* гъорлъе (жанибе) цIан ине, гъорлъе букъизе; **вода́ ~лась в зе́млю** лъим ракьулъе цIан ана

ВСПА́ИВАТЬ *несов. см.* **вспои́ ть**

ВСПА́РХИВАТЬ *несов. см.* **вспорхну́ть**

ВСПА́РЫВАТЬ *несов. см.* **вспоро́ть**

ВСПАХА́ТЬ *сов. что* (*ракь*) бегизе; ~ **зе́млю** ракь бегизе

ВСПА́ХИВАТЬ *несов. см.* **вспаха́ть**

ВСПА́ШКА *ж* (*по гл.* **вспаха́ть**) (*ракь*) беги, реги; **глубо́кая** ~ гъваридаб реги

ВСПЕ́НИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **вспе́нить(ся)**

ВСПЕ́НИТЬ *сов. что* полоп базабизе, полпид босизабизе

ВСПЕ́НИ//ТЬСЯ *сов.* полоп базе, полпилъ босизе; **молоко́ ~лось** рахьдада полоп бана

ВСПЛАКНУ´ ТЬ *сов. разг.* дагьав гIодизе

ВСПЛЕСК *м* чвалхи

ВСПЛЕ́СКИВАТЬ *несов. см.* **всплесну́ть**

ВСПЛЕСНУ´ ТЬ *сов.* чвалхизе (*мас.: лъим яги лъелъ щибниги жо*) ◊ **~ рука́ми** хъатал данд кьабизе (*тамашалъи гьабун*)

ВСПЛЫВА́ТЬ *несов. см.* **всплыть**

ВСПЛЫ́ТИЕ *с* (*по гл.* **всплыть**) лъелъа тIаде бакки (*мас.: букъарулеб гама*)

ВСПОЙ́ТЬ *сов. кого* гьекъезабизе, хахизабизе; гIезабизе, хьихьизе; ~ **телёнка** бече хахизабизе

ВСПОЛОШЙ́ТЬ *сов. разг. кого-что* рихха-хочизабизе, хIинкъизабизе; ~ **наро́д** халкъ бихха-хочизабизе

ВСПОЛОШИ´ //ТЬСЯ *сов. разг.* бихха-хочизе, хIинкъизе; **он взгляну́л на часы́ и ~лся** дов сагIтихъ валагьана ва вихха-хочана

ВСПОМИНА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **вспо́мнить(ся)**

ВСПО́МНИТЬ *сов. кого-что, о ком-чём* ракIалде щвезабизе (бачIинабизе); ~ **свою́ мо́лодость** жиндирго гIолохъанлъи ракIалде щвезабизе; ~ **о ва́жном де́ле** кIвар бугеб иш ракIалде бачIинабизе

ВСПО́МНИ//ТЬСЯ *сов.* ракIалде щвезе (бачIине); **мне ~лась одна́ пе́сня** дида ракIалде бачIана (щвана) цо кечI

ВСПОМОГА́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое кумекалъулаб, аслияб гуреб, тIаде жубараб; **~ые рабо́ты** кумекалъулал (аслиял гурел) хIалтIаби ◊ **~ый глаго́л** *грам.* кумекалъулаб глагол (кумек глагол)

ВСПОРО́ТЬ *сов. что разг.* ссун (къотIун) рагьизе (жанире раккизе); ~ **мешо́к** къандалъо къотIун (ссун) рагьизе

ВСПОРХНУ´ ТЬ *сов.* пархун боржине, боржун ине

ВСПОТЕ́//ТЬ *сов.* гIетI базе; **ребёнок си́ льно ~л** лъимада кутакалда гIетI бана

ВСПРЫ´ ГИВАТЬ *несов. см.* **вспры́ гнуть**

ВСПРЫ́ГНУТЬ *сов.* кIанцIун тIаде вахине; ~ **на ло́шадь** кIанцIун чоде вахине

ВСПРЫ´ СКИВАТЬ *несов. см.* **вспры́ снуть**

ВСПРЫ´ СНУТЬ *сов. что* 1) лъим пунхъизе (щвазе, речIчIизабизе); ~ **бельё водо́й** гъоркьан ратIлиде лъим пунхъизе 2) *мед.* чорхолъе дару биччазе 3) *разг.* (*квана-гьекъон*) *цIияб жо* чуризе, кIодо гьабизе

ВСПУ´ ГИВАТЬ *несов. см.* **вспугну́ть**

ВСПУГНУ́ТЬ *сов. кого-что* хIинкъизабун тIаде бахъине (тIуризе, боржине) гьабизе; ~ **пти́цу** хIинкъизабун хIинчI эхеде бахъинабизе (боржинабизе)

ВСПУХА́ТЬ *несов. см.* **вспу́хнуть**

ВСПУ´ Х//НУТЬ *сов.* гьорозе

ВСПУ´ ЧИВАТЬ *несов. см.* **вспу́чить**

ВСПУ́ЧИ//ТЬ *сов. что безл. разг.* гьорозабизе, понцIозабизе, боргьинабизе; **у больно́го ~ло живо́т** унтарасул чехь гьорозабун буго

ВСПУ´ ЧИТЬСЯ *сов.* гьорозе, понцIозе, боргьине

ВСПЫЛИ´ //ТЬ *сов.* цойидасанго щцидахине; **он ~л из-за пустяка́** гьадингояб жо сабаблъун дов щцидахана

ВСПЫ́ЛЬЧИВОСТЬ *ж* хехго щцидахин, щцин хехлъи, хехдари

ВСПЫ´ ЛЬЧИВЫЙ, -ая, -ое щцин хехав, хехдарулев

ВСПЫ´ ХИВАТЬ *несов. см.* **вспы́ хнуть**

ВСПЫ´ Х//НУТЬ *сов.* 1) (*загореться, засветиться*) цойидасанго цIа рекIине; **~нул огонёк** цIа пирхана; **~нул пожа́р** цIа рекIана 2) (*взорваться*) пархизе, кьвагьизе; **по́рох ~нул** ххер пархана (кьвагьана) 3) *перен.* цойидасанго багъаризе (байбихьизе) 4) *перен.* (*вспылить*) щцидахине 5) *перен.* (*покраснеть*) багIар-лъизе; **~нуть от смуще́ния** нечон (нечеялъ) багIарлъизе

ВСПЫ́ШКА *ж* 1) (*воспламенение*) цIа пархи 2) *перен.*: ~ **эпиде́мии** эпидемия багъари; ~ **гне́ва** цойидасанго щцидахин, щцин гьалаглъи

ВСПЯТЬ *нареч.* нахъехун, нахъе, нахъ-; **поверну́ть** ~ нахъехун буссинабизе, нахъбуссинабизе

ВСТАВА́ТЬ *несов. см.* **встать**

ВСТА́ВИТЬ *сов. что во что* (*жаниб*) лъезе (рекъезабизе); ~ **стекло́** цIер лъезе; ~ **зу́бы** цаби лъезе; ~ **карти́ ну в ра́мку** сурат рамкаялъуб лъезе

ВСТА́ВКА *ж* **1.** (*по гл.* **вста́вить**) (*жаниб*) лъей; ~ **стёкол** цIурдул лъей **2.** (*в платье*) бараб ру́къи **3.** (*в рукописи*) гьоркьоб лъураб жо (*хъвараб жоялда*)

ВСТАВЛЯ́ТЬ *несов. см.* **вста́вить** ◊ ~ **па́лки в колёса** квалквал гьабизе

ВСТАВН//О́Й, -а́я, -о́е лъураб; **~ы́ е зу́бы** лъурал цаби

ВСТАРЬ *нареч. высок.* некIо, цебе заманалда

ВСТА//ТЬ *сов.* 1) (*подняться*) эхетизе, вахъун чIезе, (*тIаде*) вахъине; **~ть с посте́ли** бусадаса вахъине; **ра́но ~ть** цудунго тIаде вахъине 2) (*ступить на что-л.*) *сунданиги* тIад (вахъун) чIезе 3) (*уместиться*) гьине; **стол ~нет в просте́нке ме́жду о́кнами** кIиго гордуялъул гьоркьоб бакIалда гьина стол 4) *перен.* (*подняться на борьбу*) вахъине; **~ть на защи́ ту ро́дины** ватIан цIунизе вахъине 5) (*появиться над горизонтом*) баккизе; **со́лнце ~ло из-за ле́са** бакъ рохьалда нахъасан баккана 6) *перен.* (*возникнуть*) цебе чIезе; **~ли но́вые тру́дности** цIиял захIмалъаби цере чIана 7) (*приступить к работе и т. п.*) чIезе, лъугьине (*хIалтIуде ва ц.*); **~ть к станку́** станокалда нахъа чIезе (хIалтIизе) ◊ **~ть на коле́ни** накабазда чIезе, накаби чIвазе; **~нь**

сюда́ гьанив чIа; **~ть на́ ноги** хIатIазда вахъун чIезе, чIаголъи гьабизе, рукIа-рахъин лъикIлъизе

ВСТРЕВО́ЖИ//ТЬ *кого-что* хIинкъи (рихха-хочи) ккезабизе; рахIат хвезабизе, лазатбахъи гьабизе; **э́ то изве́стие ~ло его́** гьаб хабаралъ гьесул рахIат хвезабуна

ВСТРЕВО́ЖИТЬСЯ *сов.* рахIат хун лъугьине

ВСТРЕПЕНУ́ ТЬСЯ *сов.* 1) (*вздрогнуть*) тIуркIизе 2) (*оживиться*) тирилъизе, чIинкьа-кIитIизе

ВСТРЕ́ТИ//ТЬ *сов.* 1) *кого-что* (*увидеть*) данде чIвазе, вихьизе; **я ~л его́ в теа́тре** дида дов театралда вихьана (данде чIвана) 2) *кого-что* (*выйти навстречу*) данде вахъине; **~ть госте́й** гьалбадерида данде вахъине 3) *кого-что* (*оказать какой-л. прием*) тIаде къабул гьавизе; **~ть раду́шно** вохун (гьумер битIун, разиго) тIаде къабул гьавизе 4) *кого-что* (*оказать сопротивление*) дандечIей гьабизе; **~ть проти́ вника огнём** тушманасда гуллидалъун дандечIей (дандчIвай) гьабизе 5) *что* (*испытать, натолкнуться*) данде чIвазе; **~ть сопротивле́ние** дандечIей бихьизе, данде чIвазе ◊ **~ть Но́вый год** ЦIияб соналда дандчIвай гьабизе

ВСТРЕ́ТИ//ТЬСЯ *сов.* 1) *с кем-чем* данделъизе, данде ккезе (чIвазе); **~ться с дру́гом** гьалмагъгун данделъизе 2) *с чем* (*столкнуться*) данде чIвазе 3) (*попасться*) ккезе, щвезе, батизе; **мне ~лась интере́сная кни́ га** дихъе интересаб тIехь щвана (ккана), дида интересаб тIехь батана

ВСТРЕ́Ч//А *ж* **1.** (*по гл.* **встре́тить**) дандчIвай, данде чIвай; **~а делега́тов** далегатал дандчIвай **2.** (*по гл.* **встре́титься**) дандельи, данде ккей (чIвай), дандчIвай; **неожи́ данная ~а** ракIалда гьечIеб дандчIвай (данделъи); **ве́чер ~и с писа́телями** хъвадарухъабигун дандчIваялъул вечер ◊ **~а Но́вого го́да** ЦIияб сонгун дандчIвай (кIодо гьаби)

ВСТРЕЧА́ТЬ *несов. см.* **встре́тить**

ВСТРЕЧА́ТЬСЯ *несов.* 1) *см.* **встре́титься** 2) *с кем* (*видеться, поддерживать знакомство*) гьоркьо-гьоркьоб, мехмехалда дандчIвазе, данде ккезе (чIвазе), данделъизе, цоцада рихьизе ◊ **~ глаза́ми** берал данде ккезе*(цого заманалда цоцахъ ралагьизе)*

ВСТРЕ́ЧНЫЙ, -ая, -ое 1. (*движущийся навстречу*) данде бачIунеб (кколеб); **~ по́езд** данде бачIунеб поезд; **~ ве́тер** данде пулеб гьури 2. *в знач. сущ. ~ м* данде кколев (ккарав); **пе́рвый ~** тIоцеве данде ккарав ◊ **~ бой** данде гьабулеб рагъ; жавабалъе гьабулеб рагъ

ВСТРЯ́ СКА *ж разг.* 1) (*потрясение*) ракIбеки, ракI гIодобчIвай 2) (*нагоняй*) семи, воркьи

ВСТРЯ́ ХИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **встряхну́ть(ся)**

ВСТРЯХНУ́//ТЬ *сов. кого-что* 1) кIобокIизе, кIутIизе; **~ть ковёр** халича кIутIизе (кIобокIизе) 2) *перен.* туркIизабизе, хьвагIезабизе, сородизабизе, багъа-бачаризабизе, рекIеда батизабизе; **револю́ ция ~ла наро́дные си́ лы** революциялъ халкъалъул гучал рагъа-рачаризаруна

ВСТРЯХНУ́//ТЬСЯ *сов.* 1) кIобокIахъдизе; **пти́ чка ~лась** хIинчI кIобокIахъдана 2) *перен. разг.* чIаголъизе, чIинкьа-кIитIизе, багъа-бакаризе; **~ться по́сле всего́ пережи́того** би-хьанщинаб къварилъиялдаса (хIехьанщинаб гIакъубаялдаса) хадуб рекIеда ватизе (чIаголъизе, чIинкьа-кIитIизе) 3) *перен. разг.* (*развлечься*) аваданлъизе, кеп (рахIат, ракIгъей) гьабизе

ВСТУПА́ТЬ(СЯ) *несов.* **вступи́ ть(ся)**

ВСТУПИ́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое 1) байбихьул, бетIераб; **~ое сло́во** байбихьул рагIи (калам, кIалъай) 2) (*гьоркьове, гъорлъе, жаниве*) лъугьиналъул(аб); **~ый экза́мен** жанире лъугьиналъул экзамен; **~ый взнос** гьоркьоре лъугьиналъул взнос (хIакъ)

ВСТУПИ́ //ТЬ *сов. во что* 1) (*войти*) лъугьине (*кибениги жанибе*); **войска́ ~ли в го́род** аскар шагьаралда жанибе лъугьана 2) (*стать членом чего-л.*) лъугьине; **~ть в па́ртию** партиялде лъугьине 3) (*начать, приступить к чему-л.*) байбихьизе, лъугьине; **~ть в разгово́р** кIалъазе (гаргадизе) лъугьине (байбихьизе), кIалъай (гаргар) байбихьизе ◊ **~ть в брак** ригьин гьабизе, ригьнаде (росасе) ине (*о женщине*), чIужу ячине (хъизан гьабизе) (*о мужчине*); **~ть в до́лжность** хъулухъалде лъугьине; **~ть в си́лу** кьуваталде лъугьине; **~ть на престо́л** тахиде вахине (ханлъун вахъине)

ВСТУПИ́ТЬСЯ *сов. за кого-что* хIалае вахъине, нахъасан вахъине, рахъ кквезе; **~ за това́рища** гьалмагъасе хIалае вахъине, гьалмагъасул рахъ кквезе, гьалмагъасда нахъасан вахъине

ВСТУПЛЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **вступи́ ть**) 1) (*гьоркьове, гъорлъе, жаниве*) лъугьин (жувай); **~войск в го́род** аскарал шагьаралде лъугьин 2) лъугьин; **~ в профсою́з** профсоюзалде лъугьин **2.** (*введение*) байбихьул бутIа, цеберагIи; **~ к поэ́ ме** поэмаялъул байбихьул бутIа

ВСУ́НУТЬ *сов. что во что разг.* жаниб къазабизе, жанибе биччазе; лъезе; **~ ключ в замо́к** кIул кIулазда жаниб къазабизе; **~ ру́ки в карма́н** кверал кисинир къазаризе

ВСУХОМЯ́ТКУ *нареч. разг.* бакъвараб квен кванан (бухIараб ва лъамияб квен гьечIого); **есть хлеб ~** бакъвараб чед кванан чIезе

ВСУ́ ЧИВАТЬ *несов. см.* **всучи́ ть**

ВСУЧИ́ТЬ *сов. кого-что кому разг.* кодобе бугIизе, гуккун (хIалица) босизабизе; **~ плохо́й това́р** квешаб къайи гуккун (хIалица) босизабизе

ВСХЛИ́ПНУТЬ *однокр. к* **всхли́ пывать**

ВСХЛИ́ ПЫВАТЬ *несов.* синкъдизе, синкъиялда гIодизе

ВСХОДИ́ ТЬ *несов. см.* **взойти́**

ВСХО́ДЫ *мн.* ракьулъан баккараб тIирщ (ролъул вац.); **ра́нние ~** цудунго баккараб тIирщ

ВСХО́ЖЕСТЬ *ж* бакки, баккиялъул даража; **~ семя́ н** хьоназул бакки

ВСХО́Ж//ИЙ, -ая, -ее лъикI баккулеб (цIубалеб, бижулеб); **~ие семена́** лъикI раккулел (рижулел, цIубалел) хьонал

ВСЫ́ ПАТЬ *сов.* 1) *что, чего во что* (*жанибе*) базе; **~ муку́ в мешо́к** ханжу къандалъоялъубе базе 2) *кому разг.* вухизе, кьабизе, бухI-бухIизабизе; семизе, гIадлу гьабизе

ВСЫПА́ТЬ *несов. см.* **всы́ пать**

ВСЮ́ДУ *нареч.* киса-кибего, кибехунго, кинабго бакIалда, кибго

ВСЯ *см.* **весь**

ВСЯ́К//ИЙ, -ая, -ое *мест. определит.* 1) (*каждый, любой*) щибаб, бокьараб, кинаб бугониги; **во ~ое вре́мя** бокьараб мехалъ; **~ий челове́к стреми́тся к лу́чшему** щивав чияс лъикIалде жигар бахъула; 2) (*разный*) батIи-батIияб; **~ие кни́ги** батIи-батIиял тIахьал; **расска́зывать ~ вздор** батIи-батIияб чIана бицине 3) (*с предлогом «без»*) щибниги, кинабгIаги; **он рабо́тал без ~ого пла́на** дов, кинабгIаги план гьечIого, хIалтIана ◊ **во ~ом слу́чае** кинан бугониги; **на ~ий слу́чай** кин кканиги букIине; **~ое быва́ет** чанги-чанги жо ккола; **без ~их затрудне́ний** кинабгIаги захIмалъи бихьичIого, ккечIого

ВСЯ́КО *нареч. разг.* батIа-батIайиса, батIи-батIияб куцалда (хIалалда, къагIидаялда); **~ быва́ет** батIи-батIияб куцалъ букIуна

ВСЯ́ ЧЕСКИ *нареч.* щиб гьабунги, кинан бугониги, щиб рес батунги, батIи-батIияб куцалда (къагIидаялда); **~ уклоня́ ться от объясне́ний** щиб гьабунги, баян кьеялдаса хьвазе

ВСЯ́ЧИНА *ж разг.*: **вся́кая ~** щиб-щибниги, батIи-батIияб жо

ВТА́ЙНЕ *нареч.* балъго, гъоркьан, лъазе течIого; **держа́ть** *что-л. ~ щибниги жо* балъго гьабизе (цIунизе)

ВТА́ЛКИВАТЬ *несов. см.* **втолкну́ть**

ВТА́ПТЫВАТЬ *несов. см.* **втопта́ть**

ВТА́СКИВАТЬ *несов. см.* **втащи́ ть**

ВТАЩИ́ТЬ *сов. кого-что во что* 1) (*внутрь*) жанибе цIазе (бехъерхъизе), жанибе цIан (бехъерхъун, баччун) щвезабизе; **~ мешо́к в подва́л** подвалалде къандалъо бехъерхъизе 2) (*наверх*) бахинабизе (*эхеде, тIаде*); **~ мешо́к на черда́к** къандалъо чердакалде бахинабизе

ВТАЩИ́ ТЬСЯ *сов. разг.* жанибе цIан (бехъерхъун, баччун) бачIине (щвезе); **~ на пя́тый эта́ж** щуабилеб тIалаялде бехъерхъун бачIине

ВТЕКА́ТЬ *несов. см.* **втечь**

ВТЁМНУЮ *нареч.* 1) (*в карточной игре*) бецIлъухъе, тIаде валагьичIого; **игра́ть ~** тIаде валагьичIого, хIазе (*кагъtaз*) 2) *перен.* (*наугад*) ракIалде кковухъе; **де́йствовать ~** ракIалде кковухъе, хIакъикъат лъачIого, иш гьабизе

ВЫ́КЛЮЧИТЬ *сов.* 1) *что сундулниги* хIалтIи чIезабизе (гьоркьоб къотIизабизе); **~ электри́ческий ток** электрикияб ток гьоркьоб къотIизабизе; **~ мото́р** мотор чIезабизе 2) *кого-что* нахъе гьабизе; **~ из спи́ ска** сияхIалдаса нахъе гьабизе

ВЫ́КЛЮЧИ//ТЬСЯ *сов.* 1) (*устраниться*) нахъе ине, тIагIине; **~ться из спи́ска** списокалда гъорлъа тIагIине 2) (*перестать действовать*) чIезе, гьоркьоб къотIизе; **мото́р ~лся** мотор чIана

ВЫКЛЯ́ НЧИВАТЬ *несов. см.* **вы́ клянчить**

ВЫ́КЛЯНЧИТЬ *сов. что разг.* гIемер гьарун, босизе, гьардон щвезабизе

ВЫ́ КОВАТЬ *сов.* 1) *что* бацIун *щибниги жо* гьабизе; **~ подко́ву** бацIун тIикъва гьабизе 2) *кого-что перен.* (*создать*) куцазе, хIадур гьабизе, гIезабизе, лъугьинабизе, ругьунгьабизе; **~ но́вые ка́дры** цIиял кадраби куцазе (хIадур гьаризе) ◊ **~ хара́ктер** гIамал-хасият куцазе

ВЫКО́ВЫВАТЬ *несов. см.* **вы́ ковать**

ВЫКОВЫ́ РИВАТЬ *несов. см.* **вы́ ковырять**

ВЫ́ КОВЫРНУТЬ *однокр. к* **выковы́ ривать**

ВЫ́ КОВЫРЯТЬ *сов. что* бикIун бахъизе, бикIизе; **~ изю́ минку из бу́лки** булкаялдаса кишмиш бикIун бахъизе

ВЫКОЛА́ЧИВАТЬ *несов. см.* **вы́ колотить**

ВЫ́КОЛОСИ//ТЬСЯ *сов.* тIороде базе, тIор рехизе; **пшени́ца ~лась** ролъ тIороде бан бахъана, ролъуда тIор бана

ВЫ́ КОЛОТИТЬ *сов. что* 1) (*выбить*) бухун (чухIун) къватIибе бахъизе (кIанцIизабизе); **~ заби́тый клин** кьабураб лъутI бухун бахъизе 2) (*колотя, очистить*) кIутIизе, кIутIун бацIцIад гьабизе, кIутIун бацIцIине; **~ ковёр** халича кIутIун бацIцIине ◊ **~ дурь** *из кого-л.* кьварарал тадбираздалъун квешал къасдал, гIамалал тезаризе (гIанкIитIе вачIинавизе)

ВЫ́КОЛОТЬ *сов. что* тункун бахъизе, тункун (хIунчун) борлъизе (борлъун рехизе); **~ глаз** тункун бер бахъизе (борлъизе) ◊ **[темно́], хоть глаз вы́ коли** бадиб килищ тунканиги бихьуларедухъ, бецI буго

ВЫ́ КОПА//ТЬ *сов.* 1) *что* бухъизе, бухъун гъварид гьабизе, бахъизе; **~ть я́му** гвенд бухъизе (бахъизе) 2) *кого-что* (*откопать*) бухъун (къватIибе) бахъизе; **~ть карто́фель** картошка (бухъун) бахъизе 3) *кого-что перен. разг.* ракIалдаго гьечIеб бакIалдаса балагъун батизе; **отку́да ты ~л эту вещь?** киса духъе гьаб жо щвараб? киб дуда гьаб батараб?

ВЫ́ КОРМИТЬ *сов. кого-что* (*вырастить, вскормить*) хьихьун гIезабизе, кванан гIорцIизабизе; **~ жеребёнка** тайи хьихьун гIезабизе, тайи кванан гIорцIизабизе

ВЫ́ КОРЧЕВАТЬ *сов. что* 1) кьолболъанго бахъизе, кьалбал рахъун, бацIцIад гьабизе; **на́до ~ пни** кьваригIун буго хIухьдул рахъизе (рахъун рехизе) 2) *перен.* (*искоренить*) тIагIинабизе; **~ бюрократи́ зм** бюрократизм тIагIинабизе

ВЫКОРЧЁВЫВАТЬ *несов. см.* **вы́ корчевать**

ВЫ́КОСИТЬ *сов. что* бецун лъугIизабизе; **~ луг** харибакI (мечI, сага) бецун лъугIизабизе, бецун бахъинабизе

ВЫКРА́ИВАТЬ *несов. см.* **вы́ кроить**

ВЫ́ КРАСИТЬ *сов. что* лажбар (сир) бахине (*покрыть краской*); релъаца белъине, белъун кьер гьабизе (*пропитать краской*); **~ дом** минаялда лажбар бахине; **~ пла́тье** гурде белъине

ВЫ́ КРАСИ//ТЬСЯ *сов.* белъун кьер лъугьине (*пропитаться краской*); лажбар бахун, кьер лъугьине (*покрыться краской*); **пла́тье хорошо́ ~лось** гурде лъикI белъун буго, релъен лъикI рекIун (босун) буго

ВЫ КРАСТЬ *сов. что* бикъизе

ВЫКРА́ШИВАТЬ *несов. см.* **вы́ красить**

ВЫКРА́ШИВАТЬСЯ *несов. см.* **вы́ крошиться**

ВЫ́КРИК *м* ахIи, гьаракь (*цо нухалъ гьабураб, бахъараб гьаракь*)

ВЫКРИ́ КИВАТЬ *несов. см.* **вы́ крикнуть**

ВЫ́КРИКНУТЬ *сов. что* ахIун (гIергIерун) абизе; **~ чье-л. и́мя** *лъилниги* цIар ахIун абизе

ВЫ́КРИСТАЛЛИЗОВАТЬСЯ *сов.* 1) кристаллазде сверизе 2) *перен.* цо чIараб форма лъугьине

ВЫКРИСТАЛЛИЗО́ВЫВАТЬСЯ *несов. см.* **вы́ кристаллизоваться**

ВЫ́КРОИТЬ *сов. что* 1) лъутIизе; **~ пла́тье** гурде лъутIизе 2) *перен. разг.* (*с трудом выделить*) хIисабалда хIалтIизабун, *сундасаниги щибниги жо* нахъе тIокIлъизабизе; **~ де́ньги на поку́пку** *чего-л. щибниги жо* босизе гIарац тIокIлъизабизе; **~ вре́мя на прогу́лку** тира-сверизе заман тIокIлъизабизе

ВЫ́КРОЙК//А *ж* куц (*жиб тIад лъун, цоги жо лъутIизе хIалтIизабулеб*); **~а рукава́** къвалил куц; **шить пла́тье по ~е** кулалда рекъон, гурде букъизе

ВЫ́ КРОШ//ИТЬСЯ *сов.* хъурун риххун ине ва гьине *(цаби)*

ВЫКРУТА́С//Ы *мн. разг.* 1) кьуркьуди, кьура-кIучи, тирияб (лебалаб) багъа-бачари 2) *перен.* ургъунго захIмат гьабураб, нахъгIунтIизе захIматаб (*каламалъул, музыкаялъул ва ц. хIакъалъулъ*); **говори́ть с ~ами** бичIчIизе захIматаб куцалъ гаргадизе, калам бигъинабизе

ВЫ́ КРУТИТЬ *сов. что разг.* 1) (*вывинтить*) кьурун бахъизе; **~ электри́ческую ла́мпочку** электрикалъул чирахъ кьурун бахъизе 2) (*выжать*) кьурун къан цIцIузе; **~ бельё бусадул къайи** кьурун къан цIцIузе

ВЫ́КРУТИТЬСЯ *сов. разг.* 1) (*вывинтиться*) кьурун бахъун бачIине 2) *перен.* захIматаб хIалалдаса (кьварилъиялдаса) ворчIизе (хвасарлъизе)

ВЫКРУ́ ЧИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **вы́ крутить(ся)**

ВЫ́ КУП *м* **1.** (*по гл.* **вы́ купить**) гIарац кьун, хвасар (эркен) гьаби; **~ зало́женных вещей** гъоркьлъалие лъурал жал, гIарац кьун, нахъе роси **2.** (*плата, деньги*) эркен гьвуралъулъ кьураб гIарац

ВЫ́ КУПАТЬ *сов. кого* чордезабизе

ВЫКУПА́ТЬ *несов. см.* **вы́ купить**

ВЫ́ КУПАТЬСЯ *сов.* чордезе; **~ в реке́** гIурулъ чордезе

ВЫ́ КУПИТЬ *сов. кого-что* гIарац кьун, эркен (хвасар) гьабизе; **~ зало́женную вещь** гъоркьлъалие лъураб жо, гIарац кьун, нахъе босизе; **~ пле́нника** асир, гIарац кьун, хвасар (эркен) гьавизе

ВЫКУ́ РИВАТЬ *несов. см.* **вы́ курить**

ВЫ́ КУРИТЬ[1] *сов.* 1) *что* бухIун (цIан) лъугIизабизе (*хъалиян*); **~ папиро́су** папирос цIан лъугIизабизе 2) *кого-что* (*выгнать дымом*) кьеккен гьабун (кIкIуй биччан), къватIибе кIанцIизабизе (лъутизабизе); **~ лису́ из норы́** кьеккен гьабун, цер картIиниса (рукIниса) къватIибе кIанцIизабизе 3) *кого перен. разг.* (*заставить уйти*) нахъе инабизе, лъутизабизе

ВЫ́ КУРИТЬ[2] *сов. что уст.* гьализабун бахъизе (*чагъир, сакъис ва ц.*); **~ вино́** чагъир бахъизе (гьализабун)

ВЫЛА́ВЛИВАТЬ *несов. см.* **вы́ ловить**

ВЫ́ ЛАЗКА *ж* 1) *воен.* (*жалго сверун ккурал тушбабазде*) тохлъукье тIаде кIанцIи, тохлъукьегояб тIадекIанцIи 2) *спорт.* хIухьбахъиялъе къватIире рахъин, физкультурияб тира-свери; **лы́ жная ~** лыжабазда хIухьбахъиялъе тира-сверизе рахъин 3) *перен.* (*выпад против кого-чего-л.*) *лъиде бугониги* тушманаб дандечIей; **~ кла́ссового врага́** классияв тушманасул дандечIей

ВЫ́ЛАКА//ТЬ *сов. что* чапун (чIикIун) лъугIизабизе; **ко́шка ~ла всё молоко́** катица кинабго рахъ чIикIун лъугIизабуна

ВЫЛА́МЫВАТЬ *несов. см.* **вы́ ломать**

ВЫ́ ЛЕЖАТЬ *сов.* вегун чIезе (*бихьизабураб заманалде щвезегIан*); **больно́му ну́жно ~** унтарав вегун чIезе ккола (*бихьизабураб заманаялъ*)

ВЫ́ ЛЕЖА//ТЬСЯ *сов.* 1) *разг.* лъикI заманалъ вегун чIезе, чIалгIинегIан вегун чIезе; **~ться в посте́ли** бусада вегун чIезе (*хIалхьезегIан*) 2) (*стать лучше*) гIодобе баралъуб барщизе (*щвалде щвезе*); **таба́к ~лся** тамахъу гIодоб лъуралъуб щвалде щвана (барщана)

ВЫЛЕ́ЖИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **вы́ лежать(ся)**

ВЫЛЕЗА́ТЬ *несов. см.* **вы́ лезти**

ВЫ́ЛЕЗТИ, ВЫ́ЛЕЗТЬ *сов.* (*хъурщун, харун*) къватIиве вахъине; **~ из я́мы** гвандиниса къватIиве вахъине 2) *разг.* (*выйти*) къватIиве вахъине; **~ из маши́ны** машинаялъуса къватIиве вахъине 3) *перен. разг.* (*с трудом избавиться от чего-л.*) хIалицаго ворчIизе (*сундаса бугониги*); **~ из долго́в** налъукьа ворчIизе 4) *разг.* (*показаться наружу, выбиться*) къватIибе баккизе 5) (*выпасть – о волосах, шерсти*) хIулизе, гъине 6) (*неуместно, некстати выступить, сказать*) цевеги вахъун, кколарел жал рицине

ВЫ́ЛЕПИТЬ *сов. кого-что* гьабизе (*хIамIул, пластилина-лъул, гIазул ва ц.*); **~ ку́клу из гли́ ны** хIатIул ясикIо гьабизе

ВЫЛЕПЛЯ́ ТЬ *несов. см.* **вы́ лепить**

ВЫ́ЛЕТ *м* (*по гл.* **вы́ лететь**) 1) ро́ржин; **~ птиц** хIанчIи роржин 2) боржун ин, боржине эхеде бахъин; **~ самолёта с аэродро́ма** аэродромалдаса самолет боржине эхеде бахъин

ВЫЛЕТА́ТЬ *несов. см.* **вы́ лететь**

ВЫ́ ЛЕТЕ//ТЬ *сов.* 1) боржун (къватIибе) ине; **пти́ ца ~ла из гнезда́** хIинчI бусадаса боржун ана 2) воржине; **~ть на самолёте в Москву́** самолеталда Москваялде воржине 3) *разг.* (*выпасть*) бортизе; **листо́к ~л из кни́ги** тIехьалдаса тIамач бортун ана 4) (*стремительно выбежать, выехать*) хехго бекерун ине (ба-чIине); **из-за угла́ ~л вса́дник** цолода нахъасан рекIарав кIанцIун вачIана; **пу́лей ~ть** гулла гIадин къватIибе кIанцIизе (боржине) 5) (*выскочить*) къватIибе кIанцIизе, кIанцIун ине (бачIине); **про́бка ~ла** сакI къватIибе кIанцIун ана (бачIана) 6) *разг.* (*быть исключенным*) нахъе рехун, ватIалъизе; **~ть из институ́та** институталдаса, нахъе рехун, ватIалъизе ◊ **~ть в трубу́** кутурлъизе; **~ть из головы́** кIочон тезе

ВЫЛЕ́ЧИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **вы́ лечить(ся)**

ВЫ́ ЛЕЧИТЬ *сов. кого-что* сахлъизавизе, сах гьавизе, лъикI-лъизавизе; **~ больно́го** унтарав сахлъизавизе

ВЫ́ ЛЕЧИ//ТЬСЯ *сов.* сахлъизе, лъикIлъизе; **больно́й ~лся** унтарав сахлъана (лъикIлъана)

ВЫЛИВА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **вы́ лить(ся)**

ВЫ́ЛИЗАТЬ *сов. кого-что* чIикIизе, чIикIун бацIцIад гьабизе; **~ таре́лку** гъадаро чIикIизе (чIикIун бацIцIад гьабизе)

ВЫЛИ́ ЗЫВАТЬ *несов. см.* **вы́ лизать**

ВЫ́ ЛИНЯ//ТЬ *сов.* кьер хисизе (ине), (*гъоркь букIараб*) кьер тIаса ине; **си́ тцевое пла́тье ~ло** читил гордил кьер ана 2) (*о животных, птицах*) цIира гъине, цIида бацIцIине; рас цIилъизе

ВЫ́ ЛИТЫЙ, -ая, -ое *разг.* (*похожий*) къосараб бакI гьечIеб (*цо халипалъубе тIун гьабурабгIан релълъараб*); **сын – ~ оте́ц** вас къосараб бакI гьечIев эмен вуго (*цIакъ релълъарав вуго инсуда*)

ВЫ́ ЛИТЬ *сов. что* 1) *из чего* къватIибе тIезе (чвалхизе); **~ во́ду из стака́на** стаканалъуса лъим къватIибе тIезе (чвалхизе) 2) (*изготовить литьем*) биун тIезе; **~ ко́локол из ме́ди** резил кIудияб цIумур биун тIезе

ВЫ́ ЛИТЬСЯ *сов.* 1) (*вытечь из чего-л.*) къватIибе (гIодобе) чвахизе 2) *во что перен.* (*выразиться, принять вид*) лъугьине, ккезе; **во что всё э́ то вы́ льется?** щиб гьеб киналъулго ккелеб, ккезе бугеб (лъугьинеб)?

ВЫ́ ЛОВИТЬ *сов. кого-что* 1) *из чего* кквезе, ккун къватIибе бахъизе; **~ бревно́ из воды́** чIалу (рахи) ккун лъадалъа къватIибе бахъизе 2) (*переловить всех*) кинабго ккун лъугIизабизе; **~ всю ры́бу в пруду́** хIориниб бугебщинаб ччугIа ккун лъугIизабизе

ВЫ́ ЛОЖИ//ТЬ *сов.* 1) *что* къватIибехун лъезе, къватIибе бахъун, гIодоб лъезе 2) *что перен. разг.* (*высказать все*) (*рагьараб куцалда*) кинабго абизе (бицине); **всё ~л дру́гу** гьудуласда кинабго абуна (бицана) 3) *что чем* (*покрыть*) (*тIад*) чIвазе (базе, кквезе); бахчизабизе, бацизе; **~ть сте́нку ка́фелем** къеда кафель кквезе 4) *кого* (*кастрировать*) сверизе, балъ гьабизе, ахта лъугьинабизе; **~ть жеребца́** бартул балъ гьабизе, барти сверизе (ахта гьабизе)

ВЫ́ ЛОМАТЬ *сов. что* бекун нахъе босизе (бахъизе), борчIизабизе, бекизабизе; **~ дверь** нуцIа бекун нахъе босизе

ВЫ́ЛУДИТЬ *сов. что* гьалай биччазе; **~ ме́дную посу́ду** пахъул цIарагIалде гьалай биччазе

ВЫ́ ЛУПИТЬ *сов. что разг.*: 1) **~ глаза́** чIварккун балагьизе, берал гIачIихинаризе; 2) чехъезе, гIабулалдаса бацIцIад гьабизе

ВЫ́ЛУПИТЬСЯ *сов.* (*о птенцах, змеях, черепахах и т.п.*) гIабул бекун, къватIибе бачIине (*мас., гIанкIудул тIинч1)*

ВЫЛУПЛЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **вы́ лупить(ся)**

ВЫЛУ́ ЩИВАТЬ *несов. см.* **вы́ лущить**

ВЫ́ЛУЩИТЬ *сов. что* 1) чIучIине, бацIцIад гьабизе; **~ оре́хи** цIулакьо бацIцIад гьабизе (*гIабул тIаса бахъун*); **~ горо́х** хилъало чIучIине 2) *мед.* нахъе бахъизе; **~ кость** ракьа нахъе бахъизе *(хирургас)*

ВЫ́ МАЗАТЬ *сов.* 1) *что* (*обмазать*) бахине, жужазе; **~ печь гли́ной** печалда хIатI бахине (жужазе) 2) *кого-что разг.* (*выпачкать*) чороклъизабизе, хъублъи бахинабизе; **~ ру́ки гря́ зью** кверазда хъублъи бахинабизе, кверал чороклъизаризе

ВЫ́МАЗАТЬСЯ *сов. чем, в чем разг.* (*выпачкаться*) чороклъизе, хъублъизе, хъублъи бахун, чороклъизе

ВЫМА́ЗЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **вы́ мазать(ся)**

ВЫМА́ЛИВАТЬ *несов. см.* **вы́ молить**

ВЫМА́НИВАТЬ *несов. см.* **вы́ манить**

ВЫ́ МАНИТЬ *сов.* 1) *кого* гуккун къватIибе бахъинабизе, *кибениги* ахIизе; **~ соба́ку из конуры́** гьой рукIниса къватIибе

бачIинабизе 2) *что у кого* гуккун, макруялдалъун босизе, хIиллаpекIкIалдалъун кодобе щвезабизе; ~ **де́ньги** гуккун *лъихъаниги* гIарац босизе (щвезабизе), батIа гьабизе

ВЫ΄ МАХАТЬ *сов. прост.* (*вырасти, стать высоким*) кIудияв гIезе, ворхатав лъугьине

ВЫМА́ЧИВАТЬ *несов. см.* **вы΄ мочить**

ВЫМА́ЩИВАТЬ *несов. см.* **вы΄ мостить**

ВЫМЕ́НИВАТЬ *несов. см.* **вы΄ менять**

ВЫ́МЕНЯТЬ *сов. кого-что на кого-что сундухъниги* хисизе, хисун босизе; ~ **одну́ вещь на другу́ю** цо жо цогиялъухъ хисизе

ВЫ́МЕР//ЕТЬ *сов.* 1) хун тIагIине (лъугIизе); **пле́мя ~ло** къавм хун тIагIана 2) (*обезлюдеть, опустеть*) (*гIадамал тIагIун*) чIобоголъизе; **го́род сло́вно вы΄ мер** шагьар битIахъе чIобоголъана

ВЫМЕРЗА́ТЬ *несов. см.* **вы΄ мерзнуть**

ВЫ́МЕРЗ//НУТЬ *сов.* цIорон (гIунун, квачан) хвезе, цIер чIвазе (лъугьине), цIороде сверизе; **фрукто́вые дере́вья ~ли** пихъил гъутIби цIорон хвана

ВЫМЕ́РИВАТЬ *несов. см.* **вы΄ мерить**

ВЫ́МЕРИТЬ *сов. что разг.* борцине (*сундулниги къадар, манзил, кIодолъи-гьитIинлъи*); ~ **пло́щадь** *чего-л. сундулниги* площадь (гIатIилъи) борцине

ВЫМЕРЯ΄ ТЬ *несов. см.* **вы΄ мерить**

ВЫ΄ МЕСИТЬ *сов. что* буцизе, буцун хIадур гьабизе; ~ **те́сто** гIатI буцизе, гIатI буцун, хамур (кIкIванжо) гьабизе

ВЫ́МЕСТИ *сов. что* лъухьизе, лъухьун бацIцIад гьабизе, лъухьун къватIибе базе; ~ **сор из ко́мнаты** лъухьун кьишни рокъоса къватIибе базе (кьишни рокъоса къватIибе лъухьизе)

ВЫ́МЕСТИТЬ *сов. что на ком* бецIизе, рецIел босизе; ~ **зло́бу** *на ком-л.* щин *лъиданиги* бихъизе, бецIизе

ВЫ΄ МЕТАТЬ[1] *сов. что* ргIалдасан кьегI гьабизе, шушине; ~ **пе́тли** кIичIал гьаризе

ВЫ΄ МЕТАТЬ[2] *сов. что* 1) (*невод и т.п.*) рехизе (*чугIа ккослеб гьин ва ц.*) 2) (*икру*) биччазе (*чугIбуз икра ва ц.*) 3) (*колос и т.п.*) рехизе, бижун бачIине (*тIор ва ц.*); ~ **ко́лос** тIор рехизе

ВЫМЕТА́ТЬ *несов. см.* **вы΄ мести**

ВЫМЕ́ТЫВАТЬ[1,2] *несов. см.* **выметá́ть**[1,2]

ВЫМЕЩА́ТЬ *несов. см.* **вы΄ местить**

ВЫМИРА́НИЕ *с* (*по гл.* **вымира́ть**) хун тIагIин (лъугIи); **обре́чь наро́д на** ~ халкъ хун тIагIиналде ккезабизе

ВЫМИРА́ТЬ *несов. см.* **вы΄ мереть**

ВЫМОГА́ТЕЛЬ *м* хIинкъи кьун, жо босулев (бахъулев) чи

ВЫМОГА́ТЕЛЬНИЦА *ж* хIинкъи кьун, жо босулей (бахъулей) гIадан

ВЫМОГА́ТЕЛЬСТВО *с* хIинкъи кьун, хIал гьабун, жо боси (бахъи), хIалица бахъи

ВЫМОГА́ТЬ *несов. что, чего* хIинкъи кьун, хIал гьабун, *щибниги жо* бахъизе; ~ **де́ньги** хIинкъи кьун, гIарац бахъизе (босизе)

ВЫМОКА́ТЬ *несов. см.* **вы΄ мокнуть**

ВЫ΄ МОКНУТЬ *сов.* 1) (*промокнуть*) тIубан хIеккине, цIалтине, бизине, биччизе 2) (*подвергнуться мочению*) лъадалъ лъун (лъелъе бан), *сундулниги* къваригIараб качество (хIал, куц) лъугьине; **селёдка вы΄мокла** лъадалъ лъун, селедкаялъулъ цIан дагьлъана; **лён вы΄ мок** лъелъ хIеккана

ВЫМОЛА́ЧИВАТЬ *несов. см.* **вы΄ молотить**

ВЫ΄ МОЛВИ//ТЬ *сов. что* абизе, калам гьабизе; **он сло́ва не ~л за весь ве́чер** тIубараб сордоялъ дос цониги ргIи абичIо

ВЫ΄ МОЛИТЬ *сов. что, чего разг.* гьаризе, гьарун кьезабизе (щвезабизе, мурад тIубазабизе); ~ **де́нег** гьарун гIарац щвезабизе; ~ **проще́ния** гьарун тIаса лъугьинавизе

ВЫМОРА́ЖИВАТЬ *несов. см.* **вы΄ морозить**

ВЫ΄ МОРИТЬ *сов. кого-что* гъуризе, гъурун тIагIинабизе, хвезабизе (*загьруялъ, ракъуца ва ц.*)

ВЫ΄ МОРОЗИТЬ *сов. разг.* 1) *что* (*выстудить*) цIорозабизе; ~ **ко́мнату** рукъ цIорозабизе 2) *кого-что* (*истребить морозом*) цIороялъ хвезабизе

ВЫ́МОРОЧН//ЫЙ, -ая, -ое байтулманалъул(аб), бетIергьанчи хун, нахъе хутIараб, варис гьечIого, пачалихъалъул хазинаялъе унеб; **~ое иму́щество** байтулманалъул боцIи

ВЫ΄ МОСТИТЬ *сов. что* (*гIодоб*) ккквезе, тIибитIизе (*гамачI, гъегъ ва ц.*); ~ **ка́мнем у́лицу** къотIноб гамачI ккквезе

ВЫ΄ МОТАТЬ *сов. кого-что разг.* (*изнурить, измучить*) тату хвезабизе, гIакъуба бихьизабун, хIал дагьлъизабизе; ~ **все си΄лы** кинабго къуват лъугIизабизе ◊ ~ **ду́шу** рухI бахъизабизе; чIалгIинабизе; чIалгIинабун тату хвезабизе

ВЫ́МОТАТЬСЯ *сов. разг.* (*изнуриться, измучиться*) хIал дагьлъизе, цIакъ сваказе, гIакъуба бихьизе

ВЫ́МОЧИ//ТЬ *сов.* 1) *кого-что* (*промочить*) биччизабизе,

бизинабизе, цIалтинабизе, хIеккинабизе; **дождь меня́ ~л** цIадаца дун виччизавуна (цIалтизавуна) 2) *что* (*подвергнуть мочению*) лъелъе бан (лъелъ лъун), хIадур гьабизе; **~ть селёдку** лъелъ лъун, селедкаялъулъ цIан дагьлъизабизе; лъим хIаллъиялъ хвезабизе

ВЫ́ МОЧИТЬСЯ *сов. разг.* (*вымокнуть*) биччизе, цIалтине, хIеккине

ВЫ́МПЕЛ *м* вымпел, байрахъ (1. *рагъулаб гамил мачтаялда балеб чIедераб халатаб байрахъ* 2. *чIедераб лъабокIонаб сундулниги гIаламатлъун кколеб гьитIинаб байрахъ* 3. *боржунеб аппараталъ рехулеб халатаб лентаги тIад бугеб футляралда жаниб лъураб предмет*); **сбро́сить** ~ вымпел рехизе; **переходя́щий** ~ хвадулеб (цоцахъе (бергьаразухъе) кьолеб) вымпел

ВЫ́МУЧЕНН//ЫЙ, -ая, -ое гIакъуба бихьараб, хIалица гьабураб, гIазаб кьун, инжит гьабураб; **~ая улы́бка** хIалица бачIинабураб гьими

ВЫМУ́ЧИВАТЬ *несов. см.* **вы́мучить**

ВЫ́МУЧИТЬ *сов. что разг.* хIалицаго (гIакъуба бихьун) гьабизе (*щибниги жо*); **~ из себя́ мысль** хIалицаго, къо бихьун пикру гьабизе

ВЫМЫВА́ТЬ *несов. см.* **вы́мыть**

ВЫ́МЫС//ЕЛ *м* хиялияб (ургъун бахъараб, хIакъикъаталда гьечIеб) жо; гьереси; **не ве́рить ~лам** ургъун рахъарал жалазда (гьерсазда) божунгутIизе; **в э́той кни́ге нет ~ла** гьаб тIехьалда жаниб ургъун бахъараб жо гьечIо

ВЫ́ МЫ//ТЬ *сов.* 1) *кого-что* чуризе, чурун бацIцIад гьабизе; **~ть посу́ду** цIарагI чурун бацIцIад гьабизе 2) *что* (*размыть*) лъадаца кваназе, чурун гвенд лъугьинабизе; **водо́й ~ло бе́рег** рагIал лъадаца кванан буго

ВЫ́МЫ//ТЬСЯ *сов.* чурун (чвердон) бацIцIалъизе; **мы ~лись в ба́не** ниж хIамамалда чвердана (чвердон рацIцIалъана)

ВЫ́МЫШЛЕНН//ЫЙ, -ая, -ое хиялияб, ургъун бахъараб, хIакъикъаталда гьечIеб; **под ~ым и́менем** ургъун бахъараб цIаралда гъоркь

ВЫ́ МЯ *с* гьвари; **коро́вье ~** гIакдал гьвари

ВЫНА́ШИВАТЬ *несов. си.* **вы́носить**

ВЫ́НЕС//ТИ *сов.* 1) *кого-что* кьватIибе босизе (бахъизе); **~ти ве́щи из вагóна** вагоналъуса къайи кьватIибе босизе 2) *что разг.* (*доставить*) босун бачIине; **к по́езду же́нщины ~ли я́ блоки** поездалда аскIобе руччабаз гIеч босун бачIана 3) *что* (*поместить отдельно*) батIаго лъезе, батIа босизе; **~ти примеча́ние в коне́ц статьи́** баян ахиралда (батIа босун) лъезе 4) *что перен.* (*для обсуждения*) цебе (гьоркьоб) лъезе; **~ти реше́ние коми́ссии на о́бщее собра́ние** комиссиялъул хIукму гIаммаб данделъиялда цебе (гьоркьоб) лъезе 5) *кого-что* (*вынести куда-л.*) босун *кибениги* щвезабизе; **ло́шади ~ли нас на большáк** чуяз ниж шагьранухде щвезаруна 6) (*вытерпеть*) хIехьезе; **~ть си́льную боль** кутакаб унти хIехьезе 7) *что перен.* (*извлечь, получить*) щвезе, лъугьине, кказе; **~ти впечатле́ние** асар лъугьине; **~ти по́льзу** пайда ккезе (щвезе) ◊ **~ти благода́рность** *кому-л.* баркала кьезе *лъиениги*; **~ти** *что-л.* **за ско́бки** *щибниги* скобкабаздаса кьватIибе босизе

ВЫ́ НЕСТИСЬ *сов.* (*стремительно выехать*) лъураб хIалалъ кьватIиве вахъун ине (*рекIун*)

ВЫНИМА́ТЬ *несов. см.* **вы́нуть**

ВЫ́ НОС *м* (*по гл.* **вы́нести**) кьватIибе боси (бахъи); тIами; **~ поко́йника** жаназа кьватIибе боси; **~ ле́вой но́ги впере́д** квегIаб хIетIе цебе тIами

ВЫ́НОСИТЬ *сов.* 1) *кого-что* (*ребенка*) (*эбелалъул хIакъалъулъ*) гьабизегIан лъимер ургъиб цIунизе (баччизе) 2) *что перен.* (*идею и т. п.*) камилго ургъизе, ургъун цо хIукмуялде вачIине; **~ иде́ю** идея камилго ургъизе ◊ **~ на свои́х рука́х** (*вынянчить*) кодоб ккун, хьихьизе, хьихьун гIезабизе (*лъимер*)

ВЫНОСИ́ ТЬ *несов. см.* **вы́нести; не ~** *кого-чего-л.* хIехьонгутIизе, бокьунгутIизе; ◊ **не ~ со́ра из избы́** рокъоса дагIба-рагIи кьватIибе босунгутIизе

ВЫНОСИ́ ТЬСЯ *несов. см.* **вы́нестись**

ВЫ́ НОСКА *ж* **1.** (*по гл.* **вы́нести**) кьватIибе боси (баччи) **2.** (*сноска*) сноска (*аслияб текстaлъе баян кьезе, гьумералъул ахаде босун, хъвалеб бутIа*)

ВЫНО́СЛИВОСТЬ *ж* къохIехьей, кьвакIи, лъадари

ВЫНО́СЛИВ//ЫЙ, -ая, -ое къо хIехьолеб, кьвакIараб; **~ый челове́к** къо хIехьолев (кьвакIарав) чи; **~ые расте́ния** къо хIехьолел хурдул

ВЫ́НОШЕНН//ЫЙ, -ая, -ое 1) кьватIибе (цебе) босараб 2) (*хорошо обдуманный*) камилго ургъараб; **~ая иде́я** камилго ургъараб идея 3) (*ветхий*) басралъараб, хохораб; **~ое пальто́** басралъараб (хохораб) пальто

ВЫ́НУДИТЬ *сов. кого-что* (*хIалица*) гьабизабизе (гьабизе тIамизе); **~ призна́ние** (*хIалица*) мукIурлъизавизе; **~ проти́вника отступи́ть** тушман нахъе къазавизе; **~ дра́ться** вагъизе тIамизе; **~ бежа́ть** лъутизе гьавизе

ВЫНУЖДА́ТЬ *несов. см.* **вы́нудить**

ВЫ́НУЖДЕНН//ЫЙ, -ая, -ое гьабизе ккун (тIамун) гьабураб; чара гьечIолъиялде ккараб, чара гьечIеб, батIайиса рес гьечIеб (къотIараб); **~ое призна́ние** рес къотIараб мукIурлъи; **~ая поса́дка** рес къотIун, гIодоб рещтIин

ВЫ́НУТЬ *сов. что* (кьватIибе) бахъизе; **~ плато́к из карма́на** чвантиниса квербацIцI кьватIибе бахъизе

ВЫНЫ́РИВАТЬ *несов. см.* **вы́нырнуть**

ВЫ́НЫРНУТЬ *сов.* 1) (*из воды*) баккун бачIине, букъун баккизе 2) *перен. разг.* (*внезапно появиться*) цойидасанго баккун бачIине; **~ из-за угла́** цойидасанго цололъан баккун бачIине

ВЫ́ НЯНЧИТЬ *сов. кого-что* хьихьизе, хьихьун гIезабизе; **~ ребёнка** лъимер хьихьун, тарбия кьун, гIезабизе

ВЫ́ПАД *м* 1) *спорт.* выпад (*сукIун бохги цебе тIамун, гьелда къаркъала баччизабун, чIей*) 2) *перен.* (*против кого-чего-л.*) *лъиденити* тушманаб куцалда кIалъай, кIал-хъат биччай

ВЫПАДА́ТЬ *несов. см.* **вы́пасть**

ВЫПАДЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **вы́пасть**) (*гIодобе*) борти; бай, ахкакье ккей; **~ моло́чных зубо́в** рахьдал цаби рорти; **~ оса́дков** гIазу-цIад бай; **~ и́ла в оса́док** хIари (щалай) аххакье ккей

ВЫПА́ЛИВАТЬ *несов. см.* **вы́палить**

ВЫ́ПАЛИТЬ *сов.* 1) (*выстрелить*) кьвагьизе, кьвагьун цIа пунхъизабизе (пархизабизе, бакизабизе); **~ из ружья́** туманкI кьвагьизе, туманкIул цIа тIад бакизе 2) *что разг.* (*неожиданно и быстро сказать*) цойидасанго, цIакъ хехго *щибниги* абизе, кьвагьун биччазе

ВЫПА́РИВАНИЕ *с* (*по гл.* **вы́парить**) хIухьлаца (хIухьладе ккун) бацIцIад гьаби (тIагIинаби); лъим хIухьладе буссинаби

ВЫ́ ПАРИТЬ *сов. что* 1) хIухьлаца бацIцIад гьабизе; **~ бельё** бусадул къайи хIухьлаца бацIцIад гьабизе 2) (*удалить влагу*) регьел (лъим), хIухьладе буссинабун, тIагIинабизе; **~ раство́р** раствор (рилъи), хIухьладе буссинабун, тIагIинабизе (дагьлъизабизе) 3) (*добыть выпариванием*) хIухьладе буссинабун, гъорлъ билъараб жо бахъизе; **~ соль** лъим хIухьладе буссинабун, цIан батIа гьабизе

ВЫ́ ПАРИТЬСЯ *сов.* 1) (*о белье*) хIухьладалъун бацIцIалъизе 2) (*о влаге*) хIухьладе буссун, тIагIине 3): **~ в ба́не** хIамамалда хIухьлаца гIетI бахъизе (базабизе)

ВЫПА́РХИВАТЬ *несов. см.* **вы́порхнуть**

ВЫПА́РИВАТЬ *несов. см.* **вы́пороть**

ВЫ́ ПАС *м* (*пастбище*) боцIи кваналеб гIалах, сага

ВЫ́ ПА//СТЬ *сов.* 1) гIодобе бортизе; **плато́к ~л из карма́на** чвантиниса квербацIцI гIодобе бортана 2) гьине (*о волосах, шерсти, зубах, и т. п.*) 3) (*об осадках*) базе (*гIазу, цIад ва ц.*); **~л ра́нний снег** цудунаб гIазу бана 4) *перен.* (*достаться*) щвезе, ккезе; **~ло сча́стье** талихI ккана; **~л жре́бий** можороялъе талихI ккана; **мне ~ло зада́ние** дида тIад къана, дие тIадкъай щвана 5) (*случиться*) ккезе, бачIине; **ле́то ~ло жа́ркое** рии багIарараб бачIана (ккана)

ВЫ́ ПАЧКАТЬ *сов. кого-что* хъублъизабизе, чороклъизабизе, чороклъи (хъублъи, гъиз) бахинабизе, лангал (гIужал, тIанкIал) лъезе; **~ ру́ки в мазу́те** мазуталъ кверал хъублъизаризе

ВЫ́ ПАЧКАТЬСЯ *сов.* чороклъизе, хъублъизе

ВЫПЕКА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **вы́ печь(ся)**

ВЫ́ПЕРЕТЬ *сов. кого-что разг.* (*вытолкнуть*) кьватIибе тункизе, тункун кьватIибе рехизе

ВЫ́ ПЕЧКА *ж* (*по гл.* **вы́ печь**) бежи, бежизаби; **~ хле́ба** чед бежи (бежизаби)

ВЫ́ ПЕЧЬ *сов. что* 1) бежизе; **~ то́нну хле́ба** тонна чадил бежизе 2) (*пропечь*) лъикI бежизабизе

ВЫ´ ПЕ//ЧЬСЯ *сов.* лъикI бежизе; **хлеб ~кся** чед лъикI бежун буго

ВЫПИВА́//ТЬ *несов.* 1) *см.* **вы´ пить** 2)**: он ~ет** *разг.* (*имеет склонность к выпивке*) дов гьекъолдула, досие гьекъезе бокьула

ВЫ́ПИВКА *ж разг.* 1) (*попойка*) гьекъолди 2) (*напитки*) гьекъел, гьекъолел жал

ВЫПИ´ ЛИВАТЬ *несов. см.* **вы´ пилить**

ВЫ´ ПИЛИТЬ *сов. что* хъухъан къотIизе (бахъизе); **~ проём для окна́** хъухъан гордуе кIаратI бахъизе 2) (*изготовить пилкой*) хъухъан гьабизе; **~ краси́вую ра́мку** хъухъан берцинаб рамка гьабизе

ВЫПИРА́ТЬ *несов.* 1) *см.* **вы´переть** 2) *разг.* (*выдаваться вперед*) цебе цIутIизе (баккизе, гьункьизе)

ВЫ́ПИСАТЬ *сов.* 1) *что* хъван босизе; **~ из кни́ги не́сколько цита́т** тIехьалдаса цо чанго цитата хъван босизе 2) *что* (*какой-л. документ*) *лъиениги* кьезелъун хъвазе (*мас., документ*); **~ счёт** счет хъвазе (*лъиениги*) 3) *что* (*тщательно написать, нарисовать*) камилго хъвазе; **краси́ во ~ бу́квы** хIарпал камилго хъвазе; 4) *что* (*заказать с доставкой*) хъван бачIинабизе; **~ кни́ги и журна́лы** тIахьалги журналалги хъван рачIинаризе 5) *кого-что* (*вызвать письмом*) кагъат хъван, вачIинавизе; **~ к себе́ семью́** кагъат хъван, жиндаго аскIобе хъизан бачIинабизе 6) *кого* (*исключить из списка, состава*) нахъе хъвагIазе (гьавизе); **~ больно́го из больни́цы** унтарав больницаялдаса нахъе витIизе

ВЫ́ПИСАТЬСЯ *сов.* къватIиве вахъине; **~ из больни́цы** больницаялдаса нахъе виччазе, къватIиве вахъине

ВЫ´ ПИСК//А *ж* 1. (*по гл.* **вы´ писать**) 1) (*списывание, выборка*) выписка, хъван боси 2) хъван кьей (*мас. квитанция*) 3) (*книг, газет*) хъван бачIинаби 4) (*напр. из больницы*) къватIиве виччай; **больно́й назна́чен к ~е** унтарав къватIиве виччазе вихьизавун вуго 2. 1) (*цитата*) *сунданиги* гьоркьоса хъван нахъе босараб жо 2) (*документ*) выписка; **~а из протоко́ла** протоколалдаса выписка

ВЫПИ´ СЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **вы´ писать(ся)**

ВЫ´ ПИТЬ *сов.* 1) *что, чего* гьекъезе; **~ молока́** рахь гьекъезе 2) (*о питье спиртного*) гьекъезе, гьекъолдизе; **он лю´бит ~** досие гьекъезе (гьекъолдизе) бокьула

ВЫПИ´ ХИВАТЬ *несов. см.* **вы´ пихнуть**

ВЫ´ ПИХНУТЬ *сов. кого-что разг.* тункун къватIибе рехизе, къватIибе тункизе (бугIизе); **~ из ко́мнаты** рокъоса къватIиве тункизе, тункун рокъоса къватIиве рехизе

ВЫ´ ПЛАВИТЬ *сов. что* биун (биинабун) батIа гьабизе, биинабизе; **~ чугу́н** хъазан биинабизе (биун батIа гьабизе)

ВЫ´ ПЛАВИТЬСЯ *сов.* биине, биун батIалъизе

ВЫ´ ПЛАВКА *ж* 1. (*по гл.* **вы´ плавить**) биин, биун батIа гьаби; **~ чугуна́** хъазан биин (биун батIа гьаби) 2. (*выплавленный металл*) биараб (*биун батIа гьабураб*) металл; **су́точная ~** мехелалда жаниб биараб магIданалъул кьадар

ВЫПЛАВЛЯ´ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **вы´ плавить(ся)**

ВЫ´ ПЛАКАТЬ *сов. что* 1) гIодун чучизе; **~ своё го́ре** гIодун рекIел къварилъи чучизабизе 2) *разг.* (*вымолить*) гIода-чIвадун босизе, кьезабизе; **~ себе́ проще́ние** гIода-чIвадун тIаса лъугьинаризе ◊ **~ все глаза́** гIемер гIодизе, гIемер гIодун, берал унтизаризе (берал унтизегIан, гIодизе)

ВЫ´ ПЛАКА//ТЬСЯ *сов. разг.* гIодун ракI чучизе, гIорцIизегIан гIодизе; **ребёнок ~лся и успоко́ился** лъимер гIорцIизегIан гIодана ва парахалъана

ВЫ´ ПЛАТА *ж* (*по гл.* **вы´ платить**) мухь кьей, бецIи; **~ зарпла́ты** хIалтIхъ мухь кьей; **~ долго́в** налъи бецIи

ВЫ́ПЛАТИТЬ *сов. что* 1) (*выдать плату*) мухь кьезе; **~ за́работную пла́ту** хIалтIухъ мухь кьезе 2) (*уплатить*) мухь кьун тIубазабизе (лъугIизабизе)

ВЫПЛА́ЧИВАТЬ *несов. см.* **вы´ платить**

ВЫПЛЁВЫВАТЬ *несов. см.* **вы´ плюнуть**

ВЫ´ ПЛЕСКАТЬ *сов. что* къватIибе чвалхизе, чвалхизабун къватIибе тIезе; **~ во́ду из ведра́** ведроялъуса лъим къватIибе чвалхизе

ВЫ´ ПЛЕСКАТЬСЯ *сов.* къватIибе чвалхун ине

ВЫПЛЁСКИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **вы´плескать(ся), вы´плеснуть(ся)**

ВЫ́ПЛЕСНУТЬ *однокор. к* **вы´плескать; ~ помо́и** чури къватIибе чвалхизе

ВЫ´ ПЛЕСНУ//ТЬСЯ *однокор. к* **вы´ плескаться; во́да ~лась из бо́чки** чирмаялъуса лъим къватIибе чвалхун ана

ВЫ´ ПЛЕСТИ *сов. что* хьухьаралъуса бичизе; **~ ле́нту из косы́** гъалалдаса чалу бичизе

ВЫПЛЕТА́ТЬ *несов. см.* **вы´ плести**

ВЫПЛЫВА́ТЬ *несов. см.* **вы´ плыть**

ВЫ́ПЛЫ//ТЬ *сов.* 1) (*всплыть*) лъадада тIад босизе, тIаде баккизе, тIаде рехизе 2) *прям., перен.* (*появиться откуда-л.*) лъедон бачIине, баккун бачIине (*кисанниги*); **из-за о́строва ~ла ло́дка** чIинкIиллъиялда нахъасан баккун бачIана раса; **из-за туч ~ла луна́** накIкIазда нахъасан баккун бачIана моцI

ВЫ´ ПЛЮНУТЬ *сов. что* тузе, тун биччазе (речIчIизабизе)

ВЫПОЛА́СКИВАТЬ *несов. см.* **вы´ полоскать**

ВЫПОЛЗА́ТЬ *несов. см.* **вы´ ползти**

ВЫ´ ПОЛЗ//ТИ *сов.* 1) къватIибе шурун ине; **змея´ ~ла из норы´** борохь картIиниса къватIибе шурун ана 2) *разг.* (*медленно выйти*) къватIибе гьаругьинан ине (бачIине)

ВЫПОЛНЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **вы´полнить**) тIубазаби, тIубай; **досро́чное ~ пла́на** болжалалдаса цебе план тIубай (тIубазаби)

ВЫПОЛНИ´ М//ЫЙ, -ая, -ое тIубазабулеб, тIубазабизесеб, тIубазабизе кIолеб; **~ое зада́ние** тIубазабулеб (тIубазабизе кIолеб) тIадкъай

ВЫ´ ПОЛНИТЬ *сов. что* 1) тIубазабизе; **~ план** план тIубазабизе; **~ приказа́ние** амру (буюрухъ) тIубазабизе 2) (*создать, сделать*) гьабизе, бахъизе; **~ чертёж** чертеж гьабизе (бахъизе)

ВЫПОЛНЯ´ ТЬ *несов. см.* **вы´ полнить**

ВЫПОЛНЯ´ ТЬСЯ *несов.* тIубазе

ВЫ´ ПОЛОСКАТЬ *сов. что* 1) хулизе; **~ бельё** гьоркьан ретIел хулизе 2) (*промыть*) хулун чуризе; **~ рот** кIал хулизе, хулун бацIцад гьабизе

ВЫ´ ПОЛОТЬ *сов. что* чIаразе, чIаран бацIцIад гьабизе

ВЫ́ПОРОТЬ[1] *сов. что* чIалхун бахъизе; **~ подкла́дку** гьоркьлъел чIалхун бахъизе

ВЫ´ ПОРОТЬ[2] *сов. кого-что разг.* (*высечь*) вухизе (*хьопоца, цIалана, рачлица*)

ВЫ́ПОРХНУ//ТЬ *сов.* 1) (*о птице*) пархун боржун ине (*киса-ниги къватIибе*); **ла́сточка ~ла из гнезда́** милъиршо бусадаса пархун боржун ана 2) *перен. разг.* (*легко выбежать*) йоржарай гIадин ине

ВЫ´ ПОТРОШИТЬ *сов. что* бакь-кIач (чехь-бакь) къватIибе бахъизе; **~ ку́рицу** гIанкIудул ургьимес къватIибе бахъизе; бакь-кIач къватIибе бахъун, гIанкIу хIадур (бацIцIад) гьабизе

ВЫ́ПРАВИТЬ *сов.* 1) *что* (*выпрямить*) битIизабизе *гьетIараб жо*) 2) гIунгутIаби ритIизаризе; **~ ру́копись** рукопись битIизабизе 3) *кого-что* (*улучшить*) лъикI гьабизе, лъикIлъизабизе

ВЫ́ПРАВИТЬСЯ *сов.* 1) (*выпрямиться*) битIа-бишизе, битIа-бишун ине 2) *разг.* (*исправиться*) лъикIлъизе, квешаб гIамал тезе, гIанкIи´ тIе вачIине

ВЫ´ ПРАВКА *ж* (*осанка*) къамартI (*чорхол*); **вое́нная ~** аскариясул гIадаб къамартI

ВЫПРАВЛЯ´ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **вы´ править(ся)**

ВЫПРА́ШИВАТЬ *несов. см.* **вы´ просить**

ВЫПРОВА́ЖИВАТЬ *несов. см.* **вы´ проводить**

ВЫ´ ПРОВОДИТЬ *сов. кого-что разг.* къватIибе гъезе (рехизе, ахIизе); **~ непро́шенного го́стя** ахIичIого вачIарав гьобол къватIиве гъезе

ВЫ´ ПРОСИТЬ *сов. что, чего* гьарун босизе (кьезабизе); **~ пода́рок** сайгъат гьарун босизе (кьезабизе)

ВЫПРЫ´ ГИВАТЬ *несов. см.* **вы´ прыгнуть**

ВЫ́ПРЫГНУТЬ *сов.* кIанцIун рещтIине, къватIиве кIанцIизе; **~ из окна́** гордухъан къватIиве кIанцIизе

ВЫПРЯГА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **вы´ прячь(ся)**

ВЫПРЯМИ´ ТЕЛЬ *м эл.* выпрямитель (*хисарулеб ток хисарулерелде буссинабулеб алат*)

ВЫ́ПРЯМИТЬ *сов. что* битIизабизе (*гьетIараб жо*); **~ согну́вшийся гвоздь** гьетIараб магI битIизабизе; **~ спи́ну** мугъ битIизабизе

ВЫ´ ПРЯМИТЬСЯ *сов.* битIизе, битIун чIезе; **~ во весь рост** щват битIун чIезе

ВЫПРЯМЛЕ́НИЕ *с* 1. (*по гл.* **вы́ прямить**) битIизаби 2. (*по гл.* **вы́ прямиться**) битIи, битIун чIей

ВЫПРЯМЛЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **вы́ прямить(ся)**

ВЫ́ ПРЯЧЬ *сов. кого-что* бугьине (*гьакидаса*)

ВЫ́ ПРЯЧЬСЯ *сов.* бугьине (*гьакидаса*), бугьун эркенлъизе

ВЫ́ ПУКЛОСТЬ *ж* къватIибе (цебе) цIутIи (кIанцIи), цIутIел

ВЫ́ПУКЛ//ЫЙ, -ая, -ое (*цебе, къватIибе*)) цIутIараб, цебе (къватIибе, тIаде) кIанцIараб, понцIораб; **~ое стекло́** цIутIараб цIер 2) (*выдающийся вперед*) цебе баккараб, понцIон цебе бачIараб; **~ый лоб** цебе бачIараб нодо

ВЫ́ ПУСК *м* **1.** (*по гл.* **вы́пустить**) (*къватIибе*) биччай; **~ проду́кции** продукция къватIибе биччай; **~ кни́ги в свет** тIехь къватIибе биччай **2.** (*группа окончивших учебное заведение*) выпуск; **в э́том году́ в шко́лах большо́й вы́ пуск** исана школазда кIудияб выпуск буго (кIудияб къокъаялъул школа лъугIана)

ВЫПУСКА́ТЬ *несов. см.* **вы́ пустить**

ВЫПУСКА́ЮЩИЙ *м полигр.* биччалев (*чи*) (*тIуразарун къватIире тIахьал, газетал риччалев чи*)

ВЫПУСКНИ́К *м* выпускник (*цIали тIубан, къватIиве виччалев, ахирияб классалда яги курсалда вугев чи*)

ВЫПУСКНИ́ ЦА *ж* выпускница

ВЫПУСКНО́Й, -а́я, -о́е 1) къватIире риччалеб (риччаялъул), тIарамагъадисеб (ахирияб, лъугIулеб бугеб) (*класс, курс*); **~ класс** къватIире риччалеб класс; **~ экза́мен** къватIире риччаялъул экзамен; **~ ве́чер** къватIире риччаялда хурхун тIобитIулеб вечер 2) *тех.* къватIибе биччалеб; **~ кла́пан** (*газ, гьава ва гь. ц.*) къватIибе биччалеб клапан

ВЫ́ПУСТИТЬ *сов.* 1) *кого-что* (*отпустить*) къватIибе биччазе; **я вас не вы́ пущу отсю́ да** дица нуж къватIире риччаларо гьаниса 2) *что* (*жидкость, дым и т. п.*) къватIибе биччазе; **~ во́ду из ва́нны** ваннаялъуса лъим къватIибе биччазе; **~ тепло́ из ко́мнаты** рокъоса хинлъи къватIибе биччазе 3) *что* (*уронить, перестать держать*) биччан тезе; **~ стака́н из рук** стакан кодоса биччан тезе; **~ из рук во́ жжи** кодоса квелъ биччан тезе 4) *кого-что* (*освободить*) эркенлъи кьезе, эркен (хвасар) гьабизе; **~ пти́цу** хIинчI эркен гьабизе (къватIибе биччан тезе) 5) *кого-что* къватIире риччазе; **~ студе́нтов** студентал къватIире риччазе 6) *что* (*произвести*) гьабизе, гьабун къватIибе биччазе; **~ проду́кцию сверх пла́на** планалда тIадеги къайи къватIибе биччазе 7) *что* (*пустить в обращение*) (*къватIибе*) биччазе; **~ заём** заём биччазе 8) *что* (*издать*) бахъизе; **~ кни́гу** тIехь бахъизе 9) *что* (*исключить, выкинуть часть написанного*) нахъе гьабизе (рехизе); **~ главу́ из кни́ги** тIехьалдаса (цо) бетIер нахъе рехизе I0) *что* (*высунуть*) къватIибе баккизабизе; **~ ко́гти** малъал къватIире раккизаризе I1) *что* (*удлинить платье и т. п.*) халат гьабизе; **~ рукава́** къвалал халат гьаризе ◊ **~ и́ з виду** кIочон тезе

ВЫ́ПУТАТЬ *сов. что* (*освободить*) бичизе, бичун эркен гьабизе, нахъе бахъизе; **~ но́гу из стре́мени** озденгалъуса хIетIе нахъе бахъизе

ВЫ́ ПУТАТЬСЯ *сов. разг.* 1) (*освободиться*) вич-вичун хвасарлъизе 2) *перен.* захIматаб хIалалдаса ворчIизе; **~ из беды́** балагьалдаса ворчIизе

ВЫПУ́ ТЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **вы́ путать(ся)**

ВЫПУ́ ЧИВАТЬ *несов. см.* **вы́ пучить**

ВЫ́ ПУЧИТЬ *сов. что.*: **~ глаза́** *разг.* берал гIачIихинаризе (чIваркьизаризе)

ВЫ́ ПЫТАТЬ *сов. что разг.* ргIи бахъизе (бикIизе), цIехон (мукIур гьавун) лъазабизе; **~ секре́т** балъгольи лъазабизе

ВЫПЫ́ ТЫВАТЬ *несов. см.* **вы́ пытать**

ВЫПЬ *ж* хьуцIихIинчI

ВЫ́ ПЯТИТЬ *сов. что разг.* (*цебе, къватIибе*) цIутIизабизе; **~ живо́т** чехь цебе цIутIизабизе

ВЫ́ПЯТИТЬСЯ *сов. разг.* (*выдвинуться вперед*) (*цебе, къватIибе*) цIутIизе

ВЫПЯ́ ЧИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **вы́ пятить(ся)**

ВЫРАБА́ТЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **вы́ работать(ся)**

ВЫ́РАБОТА//ТЬ *сов. что* 1) гьабизе; **заво́д ~л мно́го тра́кторов** заводалъ гIемерал тракторал гьаруна 2) гIуцIизе; **~ть програ́мму заседа́ния** данделъиялъул программа гIуцIизе 3) (*заработать*) хIалтIун босизе (щвезе); **~ть за неде́лю де́сять трудодне́й** анкьие анцIго захIматкъо щвезе 4) (*добиться тренировкой, работой над чем-л.*) ругьун гьабун (куцан), лъугьинабизе; **~ть на́выки вырази́тельного чте́ния** пасихIго цIалиялъе ругьун гьаризе

ВЫ́РАБОТА//ТЬСЯ *сов.* (*образоваться*) лъугьине; **~лась привы́чка** гIамал, хасият лъугьана (бижана)

ВЫ́ РАБОТК//А *ж* 1. (*по гл.* **вы́работать**) гьабураб хIалтIи, хIалтIул рахъи; **повы́сить но́рму ~и** хIалтIул норма цIикIкIинабизе; **~а проду́кции** продукция гьаби 2. (*качество выполнения*) тIубаялъул качество 3. *мн.* **~и** *горн.* магIдан бахъулеб бакI

ВЫРА́ВНИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **вы́ ровняться**

ВЫРАЖА́//ТЬ *несов.* 1) *см.* **вы́разить** 2) *что* (*обозначать*) бихьизабизе; **что ~ет э́ тот знак?** гьаб ишараялъ щиб бихьизабулеб?

ВЫРАЖА́ТЬСЯ *несов.* 1) *см.* **вы́разиться** 2) *разг.* (*ругаться*) семизе, рогьрал разе, рогьрагъине

ВЫРАЖЕ́НИ//Е *с* **1.** (*по гл.* **вы́разить**) загьир гьаби, загьирлъи, лъазаби, аби, бицин; **я не нахожу́ слов для ~я благода́рности** дида рекIел разилъи загьир гьабизе (баркалаялъе) ргIа-би ратулел гьечIо **2.** (*оборот речи*) каламалъул сверел; **о́бразное ~е** сипатияб сверел **3.** (*лица, глаз*) бераз, гьумералъ *щибниги* загьир гьаби ◊ **чита́ть с ~ем (без ~я)** пасихIго (пасихIлъи гьечIого, кIвар кьечIого) цIализе

ВЫРАЗИ́ТЕЛЬ *м* бицунев (загьир гьабулев) чи; **~ во́ли масс** халкъалъул мурад загьир гьабулев чи

ВЫРАЗИ́ТЕЛЬНОСТЬ *ж* баянлъи, загьирлъи, пасихIлъи, беричлъи, рекIелъе борти

ВЫРАЗИ́ ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое 1) баянаб, загьираб, беричаб, пасихIаб, рекIелъе бортулеб, асар гьабулеб, бичIчIулеб къагIидаялъул; **~ое лицо́** чиясул жанисеб хIал, рекIел асар бичIчIулеб (бихьулеб) гьумер 2) (*многозначительный*) кIудияб магIнаялъул; **~ый взгляд** кIудияб магIнаялъул балагьи

ВЫ́ РАЗИТЬ *сов. что* 1) загьир (баян) гьабизе, абизе, бицине; **~ свою́ мысль** жиндирго пикру загьир гьабизе 2) (*показать, проявить*) лъазабизе, бихьизабизе; **~ недово́льство** рази гьечIолъи лъазабизе (бихьизабизе) 3) (*обозначить*) *сундалъунниги* бихьизабизе **~ план в ци́ фрах** цифрабаздалъун план бихьизабизе

ВЫ́РАЗИ//ТЬСЯ *сов.* 1) абизе, кIалъазе, бицине; **он неуда́чно ~лся** дос лъикI абичIо 2) (*отразиться, проявиться*) загьирлъизе; **на его лице́ ~лась недове́рчивость** досул гьурмада божунгутIиялъул гIаламат загьирлъана

ВЫРАСТА́ТЬ *несов. см.* **вы́ расти**

ВЫ́РАСТИ *сов.* 1) кIодолъизе, кIудияб гIезе; **ма́льчик бы́стро вы́рос** вас хехго кIудияв гIуна 2) (*о растениях, волосах и т. д.*) бижизе; **пшени́ца вы́ росла вы́ ше головы́** ролъ ботIродаса борхат бижана 3) (*увеличиться*) цIикIкIине; **посевна́я пло́щадь вы́росла** бекьулеб (*ракьул*) площадь цIикIкIана; **вы́росли дохо́ды населе́ния** халкъалъул харжал, ресал цIикIкIана 4) *перен.* (*стать более зрелым*) вахъине, лъугьине; **он вы́ рос в кру́пного учёного** досул кIудияв гIалимчи вахъана 5) (*провести свое детство*) гIезе, гIун вачIине 6) *перен.* (*о строении*) базе, бан бахъине (*балеб бакI, рукъ ва ц.*) 7) (*внезапно показаться*) цойидасанго баккун бачIине ◊ **~ *в чьих-л.*** **глаза́х** къадру цIикIкIине, *лъиениги* кIодолъизе

ВЫ́ РАСТИТЬ *сов. кого-что* гIезабизе, бижизабизе; **~ цветы́** тIугьдул гIезаризе (рижизаризе); **~ дете́й** лъимал гIезаризе; **~ ка́дры** кадраби гIезаризе (куцазе)

ВЫРА́ЩИВАНИЕ *с* (*по гл.* **вы́ растить**) гIезаби, бижизаби

ВЫРА́ЩИВАТЬ *несов. см.* **вы́ растить**

ВЫ́РВАТЬ[1] *сов.* 1) *что* (*туркIун, цIан*) бахъизе (тIезе); **~ больно́й зуб** унтараб гIус (ца) бахъизе; **~ лист из тетра́ди** тетрадалдаса тIамач тIезе 2) *кого-что* (*отнять, выхватить*) (*хIалица*) бахъизе, (*хIал гьабун*) босизе; **~ призна́ние** *у кого-л.* хIалица мукIур гьавизе

ВЫ́ РВА//ТЬ[2] *сов. кого безл. разг.* лагIизе, лагIизабизе, лагIун къватIибе рехизе; **его́ вчера́ ~ло** дов сон лагIана (лагIизавуна)

ВЫ́ РВА//ТЬСЯ *сов.* 1) (*оторваться*) тIун (бахъун) ине; **из кни́ги ~лась страни́ца** тIехьалдаса тIамач тIун ана 2) (*освобо-*

диться) хвасарлъизе, борчIизе; **~ться** *из чьих-л.* **объя́тий** *лъилниги* къвалакьа ворчIизе 3) (*устремиться наружу*) къватIибе кIанцIун (бурун, чвахун) бачIине (ине); **пла́мя ~лось из трубы́** цIа тIалаялъуса къватIибе бурун бачIана, цIа тIалаялъуса къватIибе гьелегьун бачIана 4) (*о слове, стоне и т. п.*) борчIизе; **из груди́ больно́го ~лся стон** унтарасул каранлъа угьи борчIана 5) (*быстро отделиться от чего-л.*) хехго батIалъун ине (*сундасаниги*); **танк ~лся вперёд** танк батIалъун (цогидаздаса) цебе ана

ВЫ́РЕЗ *м* къотIи́, къотIараб кесек; **ни́зкий ~ во́рота в пла́тье** гурдил гарбил гIодобегIан бугеб (щвараб) къотIи́

ВЫ́ РЕЗАТЬ *сов.* 1) *что* къотIун босизе; **~ статью́ из газе́ты** газеталдаса макъала къотIун босизе; 2) *мед. что* нахъе къотIизе, къотIун нахъе гьабизе; **~ о́пухоль** гьорораб бакI нахъе къотIизе 3) *что* (*сделать посредством резьбы, резания*) бикIун гьабизе, бикIизе; **~ и́мя на кольце́** баргъичалда цIар бикIизе 4) *кого-что* (*истребить*) хъвезе, хъун разе

ВЫРЕЗА́ТЬ *несов. см.* **вы́ резать**

ВЫ́ РЕЗКА *ж* **1.** (*по гл.* **вы́резать**) къотIи, къотIун боси, нахъе къотIи **2.** (*то, что вырезано*) вырезка (*къотIун босараб жо*); **газе́тная ~** газеталъул вырезка, газеталдаса вырезка 3. (*часть мясной туши*) хIайванальул къулагIиялдаса къотIун босараб цо бутIа

ВЫРЕ́ЗЫВАТЬ *несов. см.* **вы́ резать**

ВЫ́ РИСОВАТЬ(СЯ) *сов. см.* **вырисо́вывать(ся)**

ВЫРИСО́ВЫВАТЬ *несов. что* баянго (камилго, мухIканго) сурат гьабизе (бахъизе); **~ ка́ждую бу́кву** щибаб хIарп камилго хъвазе

ВЫРИСО́ВЫВА//ТЬСЯ *несов.* лъикI бихьизе; **вдали́ ~лись го́ры** рикIкIада мугIрул лъикI рихьулел рукIана

ВЫ́ РОВНЯТЬ *сов. что* 1) (*сделать ровным, гладким*) битIизабизе; **~ доро́гу** нух битIизабизе 2) (*расположить по прямой линии*) битIараб мухъда (кьерда) чIезаризе (лъезе); **~ шере́нгу** мухъ (кьер) битIизабизе

ВЫ́ РОВНЯ//ТЬСЯ *сов.* 1) (*стать ровным, гладким*) битIизе, битIа-бишизе, цокIаллъизе 2) (*расположиться по прямой линии*) битIараб мухъда (кьерда) чIезе, битIараб мухъ (кьер) гьабун, чIезе 3) *перен.* (*стать лучше*) лъикIлъизе; **хара́ктер ма́льчика ~лся** васасул хасият лъикIлъана, рукIалиде ккана

ВЫ́ РОДИТЬСЯ *сов.* (*ухудшиться в породе*) рижи бакъвазе, тайпа хвезе (квешлъизе)

ВЫ́РОДОК *м разг.* коцокъ, рижисур, рижибакъвад, куцквеш

ВЫРОЖДА́ТЬСЯ *несов. см.* **вы́ родиться**

ВЫРОЖДЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **вы́ родиться**) рижи бакъвай, тайпа хвей (квешлъи); **при́знаки ~я** рижи бакъваялъул (тайпа квешлъи-ялъул) гIаламатал

ВЫ́ РОНИТЬ *сов. что* бортизе биччизе; **~ газе́ту из рук** кодоса газета бортизе биччазе

ВЫРУБА́ТЬ *несов. см.* **вы́ рубить**

ВЫ́РУБИТЬ *сов. что* 1) (*срубить*) къотIун базе (лъугIизабизе); **~ лес** рохь къотIун лъугIизабизе 2) (*сделать посредством рубки*) къотIун (буцIун, гIанлъун) гьабизе; **~ па́зы в бревне́** рахиялда гIанлъалаби гьаризе 3) *горн.* бахъизе (*ракьулъа магIдан, тIурчи ва ц.*)

ВЫ́РУБК//А *ж* **1.** (*по гл.* **вы́рубить**) къотIи, гъури, хъвалхьин, буцIи, гIанлъи **2.** (*место в лесу*) рохь къотIараб бакI; **на ~е растёт земляни́ка** рохь къотIараб бакIалда гиригара бижун буго

ВЫ́РУГАТЬ *сов. кого-что* кутакалда хьандезе (семизе, вагъизе) *(лъидениги – сунденигиги)*

ВЫ́ РУГАТЬСЯ *сов. разг.* семун вахъине

ВЫРУЧА́ТЬ *несов. см.* **вы́ ручить**

ВЫ́ РУЧИТЬ *сов.* 1) *кого-что* (*помочь*) хвасар гьавизе, ворчIизавизе, кумек гьабизе; **~ дру́га из беды́** балагьалдаса гьудул ворчIизавизе 2) *что* (*получить от продажи*) даран гьабун гIарац щвезе; **~ де́ньги за това́р** къайи бичун, гIарац щвезе

ВЫ́РУЧКА *ж* **1.** (*по гл.* **вы́ручить**) кумек, хвасар гьави (*къварилъиялдаса*) **2.** (*от продажи*) даран гьабун щвараб гIарац; **сего́дня ~ была́ ма́ленькая** жакъа даран гьабун гIарац дагьаб щвана

ВЫРЫВА́ТЬ[1] *несов. см.* **вы́ рвать**[1]

ВЫРЫВА́ТЬ[2] *несов. см.* **вы́ рыть**

ВЫРЫВА́ТЬСЯ *несов. см.* **вы́ рваться**

ВЫ́ РЫТЬ *сов. что* 1) бухъизе, бухъун гвенд лъугьинабизе; **~ коло́дец** гъуй бухъизе 2) (*роя, извлечь*) бухъун (*къватIибе*) бахъизе; **~ ка́мень** бухъун гамачI (*къватIибе*) бахъизе

ВЫ́РЯДИТЬ *сов. кого-что разг.* чIухIараб ретIел ретIун, къачIазе; **~ дочь** чIухIараб ретIел ретIун, яс къачIазе

ВЫ́РЯДИТЬСЯ *сов. во что разг.* чIухIараб ретIел ретIун, къачIазе (*живго*)

ВЫ́ САДИТЬ *сов.* 1) *кого-что* (*гIодобе, ракъдаде*) рещтIинабизе; **~ пассажи́ров** пассажирал (рекIарал) рещтIинаризе 2) *что* (*растения*) цоги бакIалда чIезе бахъизе, бахъун ракьулъ чIезе (*гъветI ва ц.*); **~ помидо́ры из парнико́в** парниказдаса бахъун, помидор чIезе 3) *что разг.* (*выбить*) кьабун, тIадецун, бекун рехизе, гъурун базе; **~ стекло́** цIер гъурун базе

ВЫ́САДИТЬСЯ *сов. р*ещтIине; **~ из по́езда** поездалдаса рещтIине

ВЫ́САДКА *ж* **1.** (*по гл.* **вы́садить**) рещтIинаби, **2.** (*растений*) бахъун чIей (*гъутIби ва ц.*) **3.** (*по гл.* **вы́садиться**) рещтIин

ВЫСА́ЖИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **вы́ садить(ся)**

ВЫСА́СЫВАТЬ *несов. см.* **вы́ сосать**

ВЫСВЕ́РЛИВАТЬ *несов. см.* **вы́ сверлить**

ВЫ́СВЕРЛИТЬ *сов. что* борлъун рехизе, рочохиналъ борлъизе

ВЫ́ СВОБОДИТЬ *сов. кого-что* 1) (*освободить от чего-л.*) эркен (тархъан) гьабизе 2) (*извлечь, вытащить*) нахъе бахъизе (борчIизабизе); **~ но́гу из стре́мени** озденгалъуса хIетIе (*нахъе*) бахъизе (борчIизабизе)

ВЫ́ СВОБОДИТЬСЯ *сов.* 1) тархъанлъизе, эркенлъизе, борчIизе; хвасарлъизе (*къварилъиялдаса, квекIеналдаса ва ц.*); **~ из объя́тий** къвалакьа ворчIине 2) (*перестать употребляться*) тIокIлъизе (*хIалтIизабичIого, пайда босичIого*)

ВЫСВОБОЖДА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **вы́ свободить(ся)**

ВЫ́ СЕВ *м* 1. (*по гл.* **вы́сеять**) хьай; **~ семя́ н** хьон хьай 2. (*высеиваемое*) хьалеб хьон

ВЫ́ СЕВАТЬ, ВЫСЕ́ИВАТЬ *несов. см.* **вы́ сеять**

ВЫСЕКА́ТЬ *несов. см.* **вы́ сечь**[1]

ВЫСЕЛЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **вы́селить**) гочинари, къватIире рахъинари **2.** (*по гл.* **вы́ селиться**) гочин, къватIире рахъин

ВЫ́СЕЛИТЬ *сов. кого-что из чего* гочинабизе, къватIире рахъинаризе; **~ из кварти́ры** рокъоса къватIиве вахъинави

ВЫ́СЕЛИТЬСЯ *сов.* гочине, вахъине (*батIияб бакIалде*); **~ из ста́рого до́ма** басрияб рокъоса къватIиве вахъине (гочине)

ВЫ́ СЕЛОК *м* цIи бараб росу (*гочун рачIаразул росу*)

ВЫСЕЛЯ́ ТЬСЯ *несов. см.* **вы́ селить(ся)**

ВЫ́СЕЧЬ[1] *сов. кого-что* бекIкIизе, бекIкIун хъвазе; **~ на́дпись на ка́мне** ганчIида бекIкIун хъвазе ◊ **~ и́ скру** цIа гIезабизе, цIа пирхизабизе

ВЫ́СЕЧЬ[2] *сов. кого-что* (*выпороть*) тагIзир къабизе, тIилаца (хьопоца) вухизе (*гIайиб ккун*)

ВЫ́ СЕЯТЬ *сов. что* хьазе, бекьизе; **~ де́сять центне́ров пшени́цы** ролъул анцIго центнер хьазе

ВЫ́ СИДЕ//ТЬ *сов.* 1) *кого* тIанчIи рахъизе (*ханазда тIад букIун, къурщица*) 2) (*пробыть где-л.*) гIодов чIун вукIине (*кивниги*); **~ть до конца́ собра́ния** данделъи лъугIизегIан гIодов чIун вукIине; **он ~л до́ма неде́лю** дов анкьица рокъов чIана

ВЫСИ́ ЖИВАНИЕ *с* тIанчIи рахъи (*ханазда тIад букIун, къурщица яги цоги хIанчIица*); **~ цыпля́ т** гIанкIудул тIанчIи рахъи (*ханазда тIад букIун, къурщица*)

ВЫСИ́ ЖИВАТЬ *несов. см.* **вы́ сидеть**

ВЫ́СИ//ТЬСЯ *несов.* борхатго букIине; **вдали́ ~тся ба́шня** рикIкIада борхатго чIун (бихьулеб) буго си

ВЫСКА́БЛИВАТЬ *несов. см.* **вы́ скоблить**

ВЫ́ СКАЗА//ТЬ *сов. что* абизе, бицине; **~ своё мне́ние** жиндирго пикру бицине; **он ему́ всё ~л** дос гьесда кинабго абуна (бицана)

ВЫ́СКАЗАТЬСЯ *сов.* жиндирго пикру бицине; **~ по докла́ду** докладалъул хIакъалъулъ жиндирго пикру бицине; **да́йте ему́ ~** гьев жиндирго пикру бицине виччай

ВЫСКА́ЗЫВАНИЕ *с* **1.** (*по гл.* **вы́сказать**) бицин, аби 2. жиндирго пикру бицин **3.** (*суждение*) бицараб пикру

ВЫСКА́ЗЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **вы́ сказать(ся)**

ВЫСКА́КИВАТЬ *несов. см.* **вы́ скочить**

ВЫСКА́ЛЬЗЫВАТЬ *несов. см.* **вы́ скользнуть**

ВЫ́ СКОБЛИТЬ *сов. что* хачан бацIцIад гьабизе, цIвакизабизе; ~ **до́ску** хъарщи хачан цIвакизабизе

ВЫ́СКОЛЬЗНУ//ТЬ *сов.* 1) хъущтIун борчIун ине; **ры́ ба ~ла из рук** ччугIа хъущтIун кодоса борчIун ана 2) *перен. разг* (*незаметно и быстро уйти*) гъоркьан ворчIун ине, лъачIого нахъе ине; **~ть из ко́мнаты** рокъоса лъачIого къватIиве ине

ВЫ́ СКОЧИ//ТЬ *сов.* 1) (*къватIибе*) кIанцIизе; **~ть из окна́** гордухъа къватIибе кIанцIизе; **~ть из маши́ны** машинаялъуса къватIиве кIанцIизе 2) (*неожиданно появиться*) цойидасанго кIанцIун (баккун) бачIине; **за́яц ~л из куста́** хъархъазулъа къватIибе гIанкI кIанцIун бачIана 3) (*выпасть*) бортизе; **~л ви́нтик** бурав бортана 4) *перен. разг.* (*неожиданно образоваться*) бижизе, бижун (кIанцIун) бачIине; **~л чи́грей** бокьонацI (тIихь) кIанцIун буго; **она́ ~ла за́муж** дой гIедегIун, хехго росасе ана

ВЫ́СКОЧКА *м, ж разг.* цевекIанцI; сундаго гьоркьове лъугьунев чи; мустахIикълъичIого хъулухъ щварав чи

ВЫСКРЕБА́ТЬ *несов. см.* **вы́ скрести**

ВЫ́СКРЕСТИ *сов. что разг.* хъвагIазе, хъвагIан нахъе гьабизе (рехизе), хъвагIан бацIцIад гьабизе; ~ **сковороду́** цIоп хъвагIан бацIцIад гьабизе; ~ **грязь** хъублъи хъвагIан нахъе гьабизе

ВЫ́СЛАТЬ *сов. кого-что* 1) битIизе; ~ **посы́лку** посылка битIизе 2) (*удалить за пределы области и т. п.*) къватIиве гъезе (витIизе), гочинавизе

ВЫ́СЛЕДИ//ТЬ *сов. кого-что* хадув лъугьун, батизе; **охо́тник ~л медве́дя** хадув лъугьун, чанахъанасда ци батана

ВЫСЛЕ́ЖИВАНИЕ *с* (*по гл.* **вы́следить**) хадуб хал кквей, (*лъалкIда*) хадув лъугьин, хадув лъугьун, балагьи; ~ **лиси́цы по сне́гу** гIазда тIасан царада хадув лъугьин (*лъалкIда хадув*)

ВЫСЛЕ́ЖИВАТЬ *несов. см.* **вы́ следить**

ВЫ́СЛУГ//А *ж*: **за ~у лет** гIемер мехалъ хъулухъ гьабуралъухъ

ВЫСЛУ́ ЖИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **вы́ служить(ся)**

ВЫ́СЛУЖИТЬ *сов.* 1) *что* (*заслужить*) хъулухъалдалъун босизе (щвезабизе), мустахIикълъизе 2) *разг.* (*прослужить*) цо хасаб (цIараб) заманалъ цо бакIалда хъулухъ гьабизе

ВЫ́ СЛУЖИТЬСЯ *сов. перед кем разг.* хIелхIедун жиндирго рахъалде цIазе; ~ **пе́ред но́вым нача́льством** цIияв хIакимасе хIелизе (*хIелун жиндирго рахъалде цIазе*), живго вокьизавизе

ВЫ́ СЛУШАТЬ *сов. кого-что* 1) лъугIизегIан (ахиралде щвезегIан) гIенеккизе; ~ **докла́дчика** докладчиясухъ ахиралде щвезегIан гIенеккизе 2) *мед.* гIенеккизе; ~ **лёгкие у больно́го** унтарасул гьуърузухъ гIенеккизе

ВЫСЛУ́ ШИВАНИЕ *с* (*по гл.* **вы́ слушать**) гIенекки

ВЫСЛУ́ ШИВАТЬ *несов. см.* **вы́ слушать**

ВЫСМА́ТРИВАТЬ *несов. см.* **вы́ смотреть**

ВЫСМЕ́ИВАТЬ *несов. см.* **вы́ смеять**

ВЫ́СМЕЯТЬ *сов. кого-что* махсараде кквезе, тIад ве-лъанхъизе

ВЫ́ СМОРКАТЬ *сов.*: ~ **нос** сунхун мегIер бацIцIине, сунхун хунчIрул рацIцIине

ВЫ́СМОРКАТЬСЯ *сов.* мегIер бацIцIине, хунчIрул рацIцIине

ВЫ́ СМОТРЕТЬ *сов. кого-что разг.* 1) (*все увидеть при осмотре*) хал гьабулаго кинабго бихьизе; ~ **все подро́бности** хал гьабулаго кинабго, ргIа-ракьанде щун, бихьизе 2) (*найти*) хал гьабун батизе; ~ **в толпе́ знако́мого** руккалилъ лъалев чи хал гьабун (валагьун) ватизе ◊ ~ **все глаза́** берал сваказегIан (берзул нур свинзегIан), балагьизе (хал гьабизе)

ВЫСО́ВЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **вы́ сунуть(ся)**

ВЫСО́К//ИЙ, -ая, -ое 1) борхатаб; **~ие го́ры** рорхатал мугIрул; **~ий челове́к** ворхатав чи; **~ие сапоги́** рорхатал чакмаби 2) (*значительный*) гIураб къадаралъул, гIезегIанасеб; **~ий урожа́й** гIураб къадаралъул бачIи́н 3) (*отличный*) тIадегIанаб; **~ая культу́ра** тIадегIанаб культура 4) (*почетный, важный*) хIурматияб, тIадегIанаб; **~ий гость** хIурматияв гьобол; **~ая награ́да** хIурматияб шапакъат 5) (*о звуках*) зирараб; **~ий го́лос** зирараб гьаракь 6) (*о стиле*) тIадегIанаб (*каламалъул стиль*); **~ий стиль** тIадегIанаб стиль

ВЫСОКО́ *нареч.* борхат(го); **о́кна распло́жены ~ от земли́** гордал ракьалдаса рорхатго руго; **взлете́ть ~ в не́бо** зодобе боржине (зодил борхалъуде боржине)

ВЫСОКОВО́ЛЬТН//ЫЙ, -ая, -ое тIадегIанал вольтазул, вольтал цIикIкIараб; **~ая ли́ния** тIадегIанал вольтазул квар(ал) (линия)

ВЫСОКОГО́РН//ЫЙ, -ая, -ое рорхатал мугIрузул(аб); **~ое па́стбище** борхатаб мугIрул гIалах, мегIер-гIалах

ВЫСОКОИДЕ́ЙН//ЫЙ, -ая, -ое тIадегIанаб идеялъул; **~ое произведе́ние** тIадегIанаб идеялъул асар

ВЫСОКОКА́ЧЕСТВЕНН//ЫЙ, -ая, -ое тIадегIанаб качествоялъул(аб); **~ые това́ры** тIадегIанаб качествоялъул къайи

ВЫСОКОКВАЛИФИЦИ́РОВАНН//ЫЙ, -ая, -ое тIадегIанаб махщелалъул; **~ые рабо́чие** тIадегIанаб махщелалъул хIалтIухъаби

ВЫСОКОМЕ́РИЕ *с* гIамал кIодолъи, пахрулъи, чIухIи; **относи́ться с ~м** чIухIун (гIамал кIодого) балагьизе

ВЫСОКОМЕ́РНЫЙ, -ая, -ое гIамал кIудияв, чIухIарав, пахруяв; ~ **челове́к** гIамал кIудияв (чIухIарав, пахруяв) чи; ~ **взгляд** чIухIараб балагьи

ВЫСОКОМОЛЕКУЛЯ́РН//ЫЙ, -ая, -ое *хим., физ.* молекулал гIемераб; **~ые соедине́ния** молекулал гIемерал цолъаби (*полимерал*)

ВЫСОКОНРА́ВСТВЕНН//ЫЙ, -ая, -ое муруватаб; намус (яхI, адаб, гIаданлъи) бугеб; **~ый челове́к** муруватав (муруватлъи бугев) чи

ВЫСОКООБРАЗО́ВАННЫЙ, -ая, -ое цIакъ цIикIкIараб лъаялъул, тIадегIанаб даражаялъул лъай бугев; ~ **челове́к** цIакъ цIикIкIараб лъаялъул чи

ВЫСОКООДАРЁННЫЙ, -ая, -ое цIакъ пагьму (гьунар, бажари) бугев; ~ **писа́тель** кIудияб пагьму (гьунар) бугев хъвадарухъан

ВЫСОКООПЛА́ЧИВАЕМ//ЫЙ, -ая, -ое мухь цIикIкIун кьолеб, харж цIикIкIараб; **~ые до́лжности** харж цIикIкIарал хъулухъал

ВЫСОКОПА́РНОСТЬ *ж* чIухIизаби, берцин гьаби (*калам*); пахрулъи

ВЫСОКОПА́РНЫЙ, -ая, -ое чIухIизабураб, берцин гьабураб (*калам*); ~ **стиль** чIухIизабураб стиль (*каламалъул къагIида*)

ВЫСОКОПОСТА́ВЛЕНН//ЫЙ, -ая, -ое тIадегIанаб хъулухъалда вугев, (*халкъалда гьоркьоб*) тIадегIанаб бакI кколев; **~ые лица́** тIадегIанаб хъулухъалда ругел чагIи

ВЫСОКОПРО́БНЫЙ, -ая, -ое (*о золоте, серебре*) тIадегIанаб пробаялъул, бацIцIалъи цIикIкIараб

ВЫСОКОПРОДУКТИ́ВН//ЫЙ, -ая, -ое цIикIкIун продукция кьолеб; **~ые поро́ды скота́** продукция (гьан, рахь) цIикIкIун кьолел боцIул тайпаби

ВЫСОКОПРОИЗВОДИ́ ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое (*хIалтIул*) рахъи цIикIкIараб; **~ая рабо́та** рахъи цIикIкIараб хIалтIи

ВЫСОКОРА́ЗВИТ//ЫЙ, -ая, -ое кутакалда цебетIураб, тIадегIанаб даражаялде бахараб; **~ая промы́шленность** кутакалда цебетIураб промышленность

ВЫСОКОСО́РТН//ЫЙ, -ая, -ое тIадегIанаб сорталъул; **~ые семена́** тIадегIанал сортазул хьонал

ВЫСОКОТОВА́РН//ЫЙ, -ая, -ое гIемер къайи кьолеб (гьабулеб, къватIибе биччалеб); **~ое хозя́йство** гIемер къайи кьолеб магIишат

ВЫСОКОУВАЖА́ЕМЫЙ, -ая, -ое хIурмат тIадегIанав

ВЫСОКОУДО́ЙН//ЫЙ, -ая, -ое рахь цIикIкIун кьолеб, (*жиндаса*) цIикIкIун рахь бечIчIулеб; **~ая коро́ва** (*жиндаса*) цIикIкIун рахь бечIчIулеб гIака

ВЫСОКОУРОЖА́ЙН//ЫЙ, -ая, -ое бачIин ццIикIкIараб; **~ые сорта́** бачIин цIикIкIарал сортал (тайпаби)

ВЫСОКОЧАСТО́ТН//ЫЙ, -ая, -ое *эл.* ризлъи (частота) цIикIкIараб (*токалъул*); **~ая аппарату́ра** ризлъи цIикIкIараб токалъул аппаратура

ВЫ́ СОСАТЬ *сов. что* цIузе, цIункIизе; хахун бахъине; ~ **сок из апельси́на** апельсиналдаса сок цIункIизе ◊ ~ **из па́льца** мокрукьа босизе, кьучI гьечIого, абизе, ургъун бахъизе

ВЫСОТ//А́ *ж* 1) борхалъи (*сундулниги*); ~ **до́ма де́сять ме́тров** минаялъул борхалъи анцIго метр буго 2) (*высь*) борхалъи (*ракьалдаса цIакъ тIадегIанаб, зодихъе араб бак1)* 3) (*возвышенность*) борхалъи, гохI, мегIер, борхатаб бакI 4) *муз.* зири 5) (*ве-*

личина, уровень) даража, кIодолъи-гьитIинлъи; **~а давле́ния** тIаде- цуялъул даража 6) *мат.* высота, борхалъи; **~а треуго́льника** лъабокIоналъул высота (борхалъи) ◊ **быть (оказа́ться) на ~е** къо борхизе (хIехьезе), къо хIехьолевлъун (иш бажарулевлъун) вукIине, щвалде щваравлъун вукIине

ВЫСО́ТНИК *м* 1) (*строитель*) высотник (*рорхатал минаби ралев чи*) 2) (*летчик*) высотник (*цIакъ эхедегIанисан воржунев летчик*)

ВЫСО́ТН//ЫЙ, -ая, -ое 1) борхатаб; **~ые зда́ния** рорхатал минаби 2) *ав.* борхалъудасан бугеб; **~ый полёт** борхалъудасан боржин (*самолет*)

ВЫ́ СОХ//НУТЬ *сов.* 1) бакъвазе; **бельё ~ло** бусадул къайи бакъвана 2) (*завянуть*) бечIазе; **ли́ стья ~ли** тIанхал речIана 3) (*о реке и т. п.*) къине, бакъвазе 4) *перен.* (*исхудать*) вакъвазе, хIалакълъизе; **~нуть от го́ря** ургъелалъ (къварилъиялъ) вакъвазе; **стару́ха вся ~ла** кIодо тIуян якъван йиго

ВЫ́ СОХШ//ИЙ, -ая, -ее 1) бакъвараб; **~ая земля́** бакъвараб ракь 2) (*увядший*) бечIараб; **~ие цветы́** речIарал тIугъдул 3) (*о реке и т. д.*) къараб (*гIор, щц ва ц.*) 4) (*сильно исхудавший*) цIакъ хIалакълъарав, вакъварав

ВЫСОЧА́ЙШ//ИЙ, -ая, -ее *превосх. ст. к* **высо́кий; ~ая гора́ Кавка́за – Эльбру́с** Кавказалъул бищунго борхатаб мегIер Эльбрус буго

ВЫ́СПАТЬСЯ *сов.* макьид хьезе (гIорцIизе), гIорцIизегIан кьижизе, кьижун гIорцIизе

ВЫСПРА́ШИВАТЬ *несов. см.* **вы́ спросить**

ВЫ́ СПРОСИТЬ *сов. что разг.* гьикъун (цIехон) лъазабизе; **~ все но́вости** киналго цIиял харбал цIехон лъазаризе

ВЫ́ СТАВИТЬ *сов.* 1) *что* нахъе бахъизе; **~ ра́му** рама нахъе бахъизе (лъуралъуса) 2) *что* (*поставить наружу*) къватIиб лъезе; **~ шкаф в коридо́р** шкаф коридораллъуб лъезе 3) *кого-что разг.* (*выпроводить*) къватIиве гъезе, вачахъизе (къотIизе); **~ за дверь** къватIиве гъезе, нуцIа тезабизе 4) *что* (*поместить для обозрения*) бихьулелъуб лъезе, бихьизе лъезе; **~ карти́ны худо́жника** художникасул суратал рихьизе лъезе 5) *что* (*проставить*) лъезе; **~ в журна́ле отме́тки** журналалда къиматал лъезе 6) *что* (*предложить для обсуждения*) цIар чIвазе, кьезе, цебе лъезе, бихьизабизе; **~ кандидату́ру** кандидатура кьезе, кандидатураялда цIар чIвазе 7) *кого-что* (*выдвинуть вперед*) цебе (къватIибехун) тIамизе; **~ но́гу** хIетIе цебе тIамизе ◊ **~ в дурно́м све́те** квеш вихьизавизе; **~ охра́ну** хъаравул тIамизе (…букIинабизе)

ВЫ́ СТАВИТЬСЯ *сов. разг.* (*высунуться наружу*) къватIибе баккизе

ВЫ́СТАВКА 1. (*по гл.* **вы́ставить**) цебе лъей **2.** выставка (*бихьизе лъураб къайи*); **сельскохозя́йственная ~** росдал магIишаталъул выставка; **худо́жественная ~** художествияб выставка

ВЫСТАВЛЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **вы́ставить**) къватIиб лъей, бихьизе лъей; вачахъи, къватIиве гъей (къотIи); нахъе бахъи; цIар чIвай, кьей; цебе тIами

ВЫСТАВЛЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **вы́ ставить(ся)**

ВЫ́СТАВОЧНЫЙ, -ая, -ое выставкаялъул(аб); **~ зал** выставкаялъул зал

ВЫСТА́ИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **вы́ стоять(ся)**

ВЫ́ СТЕГАТЬ[1] *сов. что* щущине, щущун букъизе; **~ одея́ло** юргъан щущине (щущун букъизе), юргъаналда квар чIвазе

ВЫ́ СТЕГАТЬ[2] *сов. кого разг.* (*отхлестать*) вухизе (*хьопоца, цIалаца*)

ВЫСТИЛА́ТЬ *несов. см.* **вы́ стлать**

ВЫ́ СТИРАТЬ *сов. что* чуризе (*ретIел*); **~ белье** бусадул къайи чуризе

ВЫ́ СТЛАТЬ *сов. что чем* гIодоб тIибитIизе, тIибитIун бацизе *сунцаниги щибниги*; **~ пол ковра́ми** гIодор халичаби тIиритIизе; **~ доро́гу ще́бнем** нухда чабах тIибитIизе

ВЫ́ СТО//ЯТЬ *сов.* 1) (*простоять*) ахиралде щвезегIан чIезе 2) (*уцелеть*) сах-саламат хутIизе; **э́то постро́йка ~ит ещё не́сколько лет** гьаб мина цо чанго соналъ хутIила 3) *перен.* (*выдержать, вынести*) къо хIехьезе (баччизе); **~ять в борьбе́ с врагом́** тушманасулгун рагъулъ къо хIехьезе

ВЫ́ СТОЯТЬСЯ *сов.* 1) (*о вине и т. п.*) заман бахъиялъ щвалде щвезе, лъугьине, барщизе (*чагъир ва ц.*) 2) (*о лошади*) хIухь бахъизе (*чоца*) 3) гIемер мех баялъ качество хвезе

ВЫ́ СТРАДА//ТЬ *сов.* 1) гIемер гIакъуба (къварилъи) бихьизе 2) *что* (*достичь страданиями*) гIемер гIакъуба (къварилъи) бихьун, *щибниги жо* щвезе; **она́ ~ла своё сча́стье** долъие жиндирго талихI, къварилъи (къо) бихьун, щвана

ВЫСТРА́ИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **вы́ строить(ся)**

ВЫСТРА́ЧИВАТЬ *несов. см.* **вы́ строчить**

ВЫ́СТРЕЛ *м* кьвагьи; **произвести́ ~** кьвагьизе; **гря́нул ~** кьвагьи бахъана; **без ~а** (*туманк1)* кьвагьичIого

ВЫ́СТРЕЛИТЬ *сов.* кьвагьизе, речIчIизе; **~ из ружья́** туманкI кьвагьизе (речIчIизе); **~ в пти́ цу** хIанчIида речIчIизе

ВЫСТРИГА́ТЬ *несов. см.* **вы́ стричь**

ВЫ́ СТРИЧЬ *сов. что* буцIун (сургу бан) цIвакизабизе (хIадур гьабизе); **~ до́ску** сургу бан, хъарщи цIвакизабизе

ВЫ́ СТРОИТЬ *сов.* 1) *что* бан лъугIизабизе (*мина ва ц.*); **~ дом** мина бан лъугIизабизе 2) *кого-что* (*поставить строем*) низамалда (кьерда, мухъида) чIезабизе; **~ полк** полк низамалда (кьерда) чIезабизе

ВЫ́СТРОИ//ТЬСЯ *сов.* мухъида (кьерда, низамалда) чIезе; **полк ~лся на пло́щади** полк майданалда низамалда (кьерда) чIана

ВЫ́ СТРОЧИТЬ *сов. что* мухъ бачун, кьегI гьабун (чIван), букъизе (*букъарулеб машинаялъ*)

ВЫ́СТУДИТЬ *сов. что разг.* цIорозабизе, квачазабизе (*хинлъи къватIибе биччан*); **~ ко́мнату** рукъ квачазабизе (цIорозабизе)

ВЫ́ СТУДИТЬСЯ *сов. разг.* квачазе, цIорозе

ВЫСТУ́ЖИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **вы́ студить(ся)**

ВЫ́ СТУП *м* цIутIел, къватIибе кIанцIараб бакI; кьурул гIус; **~ стены́** къада́л цIутIел

ВЫСТУПА́ ТЬ *несов.* 1) *см.* **вы́ступить** 2) (*выдаваться вперед*) цебе баккизе (гьункьизе); **мыс ~ет далеко́ в мо́ре** ракъдаллъиялъул квачI ралъдалъе рикIкIадегIан ун (биччан) буго 3) (*ходить важной поступью*) кIудияб къагIидаялъ хьвадизе (вилълъине)

ВЫ́ СТУПИ//ТЬ *сов.* 1) (*выйти вперед*) цевехун ине; **из толпы́ ~ло не́сколько челове́к** халкъалда гьоркьоса (руккалилъа) цо чанго чи цевехун ана 2) (*отправиться*) ине; **полк ~л в похо́д** полк походалъ ана 3) (*выйти за свои пределы*) жиндирго гIорхъодаса къватIибе кIанцIизе; **вода́ ~ла из берего́в** лъим рагIаллъабаздаса къватIибе кIанцIана 4) (*перед публикой*) цеве (кIалъазе) вахъине; **~ть по ра́дио** радиоялдасан цеве (кIалъазе) вахъине; **~ть в гла́вной ро́ли** бетIераб ролалда цеве вахъине 5) (*проступить*) базе, кIанцIизе, баккизе, хурхине; **на глаза́х её ~ли сле́зы** долъул бадисан магIу баккана ◊ **~ть в защи́ту дру́га** гьудуласе хIалае вахъине; **~ть про́тив ста́рых тради́ ций** басриял гIадатазда данде вахъине

ВЫСТУПЛЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **вы́ ступить**) цеве вахъин; **~ арти́ стов в теа́тре** театралда артистазул цере рахъин **2.** (*речь, доклад и т.п.*) кIалъай, доклад

ВЫ́ СУНУ//ТЬ *сов. что* цебе (къватIибе) баккизабизе (рехизе); **~ть язы́ к** мацI къватIибе рехизе

ВЫ́СУНУТЬСЯ *сов.* цебе (къватIибе) баккизе; **~ из окна́** гордухъан къватIиве ваккизе

ВЫСУ́ ШИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **вы́ сушить(ся)**

ВЫ́ СУШИ//ТЬ *сов.* 1) *что* бакъвазабизе; **~ть бельё** бусадул къайи бакъвазабизе; **~ть фру́кты** пихъ бакъвазабизе 2) *кого перен.* хIалакълъизабизе, азинабизе; **боле́знь ~ла его́** унтуца хIалакълъизавуна (вакъвазавуна) дов

ВЫ́ СУШИТЬСЯ *сов.* (*высохнуть*) бакъвазе

ВЫ́ СЧИТАТЬ *сов. что* 1) хIисаб гьабун, лъазабизе; **~ су́мму расхо́дов** бахъараб харжалъул гIаммаб къадар, хIисаб гьабун, лъазабизе 2) (*вычесть*) тIаса бахъизе; **~ из зарпла́ты десять рубле́й** захIматхIакъалда (харжалда) тIаса анцIго гъурущ бахъизе

ВЫСЧИ́ ТЫВАТЬ *несов. см.* **вы́ считать**

ВЫ́ СШ//ИЙ, -ая, -ее *превосх. ст. к.* **высо́кий; ~ая награ́да** бищунго тIадегIанаб шапакъат; **~ие о́рганы госуда́рственной вла́сти** пачалихъалъулаб властаялъул (хIукуматалъул) бищунго

тIадегIанал гIуцIаби; **~ее учéбное заведéние** тIадегIанаб цIалул заведение; **~ая шкóла** тIадегIанаб школа; **~ее образовáние** тIадегIанаб лъай; **~ая мéра наказáния** тамихIалъул бищунго тIадегIанаб даража; **~ая математика** тIадегIанаб математика ◊ **в ~ей стéпени** бищунго цIикIкIун, тIадегIанаб даражаялда, гIорхъоде щун

ВЫСЫЛА́ТЬ *несов. см.* **вы́слать**

ВЫ́СЫЛКА *ж* (*по гл.* **вы́слать**) нахъе (къватIибе) битIи (гъей, бачахъи), батIияб бакIалде гочинаби

ВЫ́СЫПА//ТЬ *сов.* 1) *что кисаниги кибениги* хъвазе (базе); **~ соль из мешка́** къандалъояльуса цIан къватIибе базе; **~ муку́ в мешо́к** къандалъоялъубе ханжу базе 2) (*появиться*) тIаде бахъизе

(базе) 3) *разг.* (*выбежать*) къватIире рекерун (ран) рачIине; **на у́лицу из шко́лы ~ли ребяти́ шки** школалдаса къватIире рекерун (ран) рачIана лъимал

ВЫСЫПА́ТЬ *несов. см.* **вы́ сыпать**

ВЫСЫПА́//ТЬСЯ[1] *сов.* гIодобе (къватIибе) ине (бан ине); **я́-блоки ~лись из су́мки** сумкаялъуса гIеч гIодобе (къватIибе) гъун ана

ВЫСЫПА́ТЬСЯ[2] *несов. см.* **вы́ спаться**

ВЫСЫХА́ТЬ *несов. см.* **вы́ сохнуть**

ВЫС//Ь *ж* 1) (*небо*) зоб, зодихъбакI 2): **го́рные ~и** мугIрузул рорхалъаби, тIогьал

ВЫТА́ЛКИВАТЬ *несов. см.* **вы́ толкнуть**

ВЫТА́ПЛИВАТЬ[1,2] *несов. см.* **вы́ топить**[1,2]

ВЫТА́ПТЫВАТЬ *несов. см.* **вы́ топтать**

ВЫ́ТАРАЩИТЬ *сов.: ~* **глаза́** *разг.* берал гIачIихинаризе (чIваркьизаризе)

ВЫ́ТАРАЩИТЬСЯ *сов. разг.* берал чIваркьун балагьизе (*лъихъниги*)

ВЫТА́СКИВАТЬ *несов. см.* **вы́ тащить**

ВЫТА́ЧИВАТЬ *несов. см.* **вы́ точить**

ВЫ́ ТАЧКА *ж* ратIлил рукIкIен лъураб, жанибе чIвараб бакI (*черхалда дуруслъизелъун*)

ВЫ́ТАЩИТЬ *сов.* 1) *кого-что* бехъерхъизе; **~ мешо́к со скла́да** складалдаса къандалъо бехъерхъизе 2) *что* (*выдернуть*) (*къватIибе*) бахъизе; **~ гвоздь** магI бахъизе 3) *что* (*украсть*) бикъизе, балъго хъамизе; **~ из карма́на де́ньги** чвантиниса гIарац бикъизе 4) *кого разг.* гьара-цIалун вачине; *~ кого-л.* **в теа́тр** *щивниги* гьара-цIалун театралде вачине ◊ *~ кого-л.* **из беды́** квари-лъиялдаса (балагьалдаса) хвасар гьавизе

ВЫТВОРЯ́ //ТЬ *несов. что разг.* гьари́зе (*гIажаибал, гогьал, гьагал жал*); **~ть глу́пости** ахIмакъал (гьагал, гIантал) жал гьаризе; **что он ~ет?** гьадас гьабулеб жо щиб?

ВЫТЕКА́//ТЬ *несов.* 1) *см.* **вы́течь** 2) (*брать начало*) байбихьизе; **э́ та река́ ~ет из о́зера** гьаб гIор байбихьула хIоринисан 3) *перен.* (*являться следствием*) *сундулниги* хIасиллъун ккезе (ба-чIине); **отсю́ да ~ет, что . . .** гьелъул хIасиллъун ккола

ВЫ́ТЕРЕТЬ *сов.* 1) *кого-что* (*в разных значениях*) ба-цIцIине; **~ лицо́ полоте́нцем** гьумер полотенцаялъ бацIцIине; **~ стол** стол бацIцIине; **~ ру́ки** кверал рацIцIине; **~ пыль** хIур бацIцIине 2) *что разг.* (*износить*) басралъизабизе, чIикIун тIеренлъизабизе, хохозабизе

ВЫ́ ТЕР//ЕТЬСЯ *сов.* 1) бацIцIа-бакине; **~еться полоте́нцем** полотенцаялъ вацIцIа-вакине (*живго*) 2) *разг.* (*износиться*) басралъизе, чIикIун (хIулун) тIеренлъизе, хохозе; **ло́кти на рукава́х ~лись** гIункIрукьаздаса квалал хIулун руго

ВЫ́ТЕРПЕ//ТЬ *сов.* 1) *что* хIехьезе, баччизе, гIакъуба бихьизе; **~ть боль** унти хIехьезе 2) (*сдержаться*) сабру (ях1) гьабизе (гьабун чIезе); **я не ~л и засмея́лся** дун, сабру гьабизе кIвечIого, велъана (дида сабру гьабизе кIвечIо ва велъана)

ВЫ́ ТЕРТЫЙ, -ая, -ое 1) бацIцIараб (*мас., хIурудаса*) 2) хохораб, басралъараб (*мас., ретIел*)

ВЫ́ТЕСАТЬ *сов. что* буцIун гьабизе; **~ топори́ще** буцIун гIощтIогIоркь гьабизе

ВЫТЕСНЕ́НИ//Е *с* (*по гл.* **вы́теснить**) гьоркьоса рехи; **реа́кция ~я** *хим.* гьоркьоса рехиялъул (батIа гьабиялъул) реакция

ВЫ́ТЕСНИ//ТЬ *сов.* 1) *кого-что* гьоркьоса рехизе, нахъе къазабизе; **~ть неприя́теля** тушман нахъе къазавизе 2) *что* хисизе; **но́вая те́хника ~ла ста́рую** цIияб техникаялъ басрияб хисана

ВЫТЕСНЯ́ ТЬ *несов. см.* **вы́ теснить**

ВЫТЕ́СЫВАТЬ *несов. см.* **вы́ тесать**

ВЫ́ТЕ//ЧЬ *сов.* къватIибе чвахизе; **вода́ ~кла из бо́чки** чирмаялъуса лъим къватIибе чвахана

ВЫТИРА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **вы́ тереть(ся)**

ВЫ́ТИСНИТЬ *сов. что* (*изготовить тиснением*) кIутIун (бухун) сурат (накъиш, хъвай-хъвагIай) гьабизе

ВЫТИСНЯ́ ТЬ *несов. см.* **вы́ тиснить**

ВЫ́ ТКАТЬ *сов. что* бессун гьабизе (лъугIизабизе); **~ ковёр** халича бессизе (бессун лъугIизабизе); **~ узо́р на ска́терти** скатерталда накъиш бессизе

ВЫ́ ТОЛКАТЬ, ВЫ́ ТОЛКНУТЬ *сов. кого* тункун къватIибе рехизе, къватIибе тункизе; *~ кого-л.* **из ко́мнаты** *щивниги* рокъоса къватIиве тункизе (тункун рехизе)

ВЫ́ТОПИТЬ[1] *сов. что* бакизе, цIа бакун, хинлъизабизе; **~ печь** печь бакизе; **~ ба́ню** хIамам , цIа бакун, хинлъизабизе

ВЫ́ТОПИТЬ[2] *сов. что* биинабун, батIа гьабизе, биине; **~ са́ло** тIатIи биине (биинабизе)

ВЫ́ ТОПИ//ТЬСЯ[1] *сов.* бакун хинлъине; **плита́ ~лась** плита (къоно) хинлъана (*бакун*)

ВЫ́ТОПИ//ТЬСЯ[2] *сов.* биине, биун бахъине; **са́ло ~лось** тIатIи биун бахъана

ВЫ́ ТОПКИ *мн.* къвакI, къвагъ (*тIамIи биун хутIараб жо*)

ВЫ́ТОПТАТЬ *сов. что* мерхьине, мерхьун хвезабизе; **~ траву́** хер мерхьун хвезабизе

ВЫ́ ТОРГОВАТЬ *сов. что разг.* (*торгуясь, выгадать*) даран гьабун, хайир босизе

ВЫТОРГО́ВЫВАТЬ *несов. см.* **вы́ торговать**

ВЫ́ ТОЧИТЬ *сов. что* (*на токарном станке*) харатIалъ бахъизе

ВЫ́ ТРАВИТЬ *сов.* 1) *что* (*вывести – напр., пятно*) нахъе инабизе (*мас., ланг, тIанк1)* 2) *что* (*произвести, потраву*) хвезабизе (*харибакIал, хурзал, мас., боцIи биччан*); **~ посе́вы** рекьарал хурзал хвезаризе 3) *кого-что* (*истребить, применяя яд*) тIагIинабизе, гъуризе (*загьру кьун*) 4) *что* (*рисунок*) *сунданиги* тIад, кислотаялъ *ва ц.* кваназабун, накъиш (сурат, хъвай-хъвагIай) гьабизе 5) *кого-что охот.* (*хадув лъугьун*) хъамизе; **~ за́йца из ле́са** рохьоса гIанкI, хадув лъугьун, хъамизе 6) *что перен. разг.* кIоченабизе, кIочон тезабизе, ракIалдаса инабизе; **~ из па́мяти** ракIалдаса инабизе, кIоченабизе, кIочон тезабизе

ВЫТРАВЛЯ́ ТЬ *несов. см.* **вы́ травить**

ВЫ́ ТРЕБОВАТЬ *сов. разг.* 1) *что* тIалаб гьабун, щвезабизе; **~ ну́жную спра́вку** кьваригIараб справка, тIалаб гьабун, щвезабизе 2) *кого* вачIинавизе; **~ свиде́теля в суд** судалде нугI вачIинавизе

ВЫТРЕЗВИ́ТЕЛЬ *м* вытрезвитель (*мехтарал ригьинарулеб бак1)*

ВЫ́ ТРЕЗВИТЬ *сов. кого* вигьинавизе (*мехтиялдаса*)

ВЫ́ ТРЕЗВИТЬСЯ *сов.* вигьине (*мехтиялдаса*)

ВЫТРЕЗВЛЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **вы́трезвить**) вигьинави (*мехтиялдаса*) **2.** (*по гл.* **вы́ трезвиться**) вигьин

ВЫТРЕЗВЛЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **вы́ трезвить(ся)**

ВЫТРЯСА́ТЬ *несов. см.* **вы́ трясти**

ВЫ́ ТРЯСТИ *сов. что* кIобокIун гIодобе базе; кIобокIун бацIцIад гьабизе; **~ муку́ из мешка́** къандалъояльуса ханжу кIобокIун гIодобе базе; **~ ковры́** халичаби кIорокIун рацIцIад гьаризе ◊ *~ чей-л.* **карма́н** *лъилниги* чванта (киса) чIехьезе, гIемераб гIарац хвезабизе тIамизе

ВЫТРЯ́ ХИВАТЬ *несов. см.* **вы́ тряхнуть**

ВЫ́ ТРЯХНУТЬ *сов. что* кIобокIун гIодобе бортизабизе; **~ из карма́на** *что-л.* кIобокIун чвантиниса гIодобе бортизабизе

ВЫ́ ТУРИТЬ *сов. кого прост.* къватIиве (нахъе) гъезе (къотIизе), вачахъизе, нахъе гьавизе (къотIизе); **~ за дверь** рокъоса къватIиве гъезе (къотIизе, вачахъизе)

ВЫТЬ *́есов.* 1) гIавусдизе, рурудизе; **соба́ка во́ет** гьой гIавусдулеб буго; **с волка́ми жить – по-во́лчьи** *~ посл.* бацIалгун ругони, бацIаллъун рурудизе ккола 2) *разг.* (*плакать в голос*) гIодизе (гьаракь биччан)

ВЫТЯ́ ГИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **вы́ тянуть(ся)**

ВЫ́ ТЯЖКА *ж* **1.** (*по гл.* **вы́тянуть**) къватIибе цIай, цIцIуй; **~ га́за** газ къватIибе цIай (цIцIуй) **2.** вытяжка (*химикияб къагIидаялъ, организмалдаса батIа гьабун, бахъараб жо*)

ВЫТЯЖН//О́Й, -а́я, -о́е цIалеб, цIцIулеб; **~о́й шкаф** (газ, гьава) къватIибе цIалеб (цIцIулеб) шкаф; **~о́й пла́стырь** къватIибе цIцIулеб мархIам; **~о́е отве́рстие** къватIибе цIалеб (цIцIулеб), цIазе бугеб каратI

ВЫ́ ТЯН//УТЬ *сов.* 1) *что* цIан бачIинабизе (битIизабизе); **~ про́волоку** телалъул квар цIан бачIинабизе (битIизабизе) 2) *что* (*протянуть*) гIебеде битIизабизе 3) *что разг.* (*цIан*) бахъизе; **~уть зуб** ца (гIус) бахъизе 4) *что* (*удалить тягой, высасыванием*) нахъе (къватIибе) цIцIузе (цIазе) 5) *что и без доп.* (*вытерпеть, выжить*) хIехьезе, чIаго хутIизе; **он до́лго не ~ет** дос гIемер мех баларо, дов гIемер мехалъ хутIиларо 6) *кого-что прост.*

кьабизе; **~уть ло́шадь кнутóм** чода цIал кьабизе 7) *что разг.* (*потянуть на весах*) цIазе 8) *что перен. разг.* (*добиться*) бахъизе; **из него́ ли́ шнего сло́ва не ~ешь** досдаса тIокIаб ргIи бахъизе кIоларо ◊ **~уть все жи́ лы** гIакъуба кьезе, рухI бахъизе

ВЫ́ТЯНУ//ТЬСЯ *сов.* 1) халалъизе; **вя́заная ко́фта ~лась** хъухьараб кофта халалъана 2) *разг.* (*вырасти*) кIудияб гIезе; **ма́льчик ~лся за ле́то** рииялъ вас кIудияв гIун вачIана 3) (*лечь, расрямившись*) щват битIун вегизе 4) (*расположиться на большом протяжении*) халатаб (кIудияб) манзил кквезе; **дере́вня ~лась вдоль реки́** росдаца гIор гъун гIебеде кIудияб манзил ккун буго ◊ **лицо́ ~лось** гьумер цIан, халалъун бачIана (*цIакъ тамашалъиялъ*)

ВЫ́ГУДИТЬ *сов. кого-что* 1) (*удочкой*) (*ччугIа*) гъармахъалъ кквезе 2) *перен. разг.* (*выманить*) гуккун (макруялъ) босизе; **~ де́ньги** гуккун (макруялъ) гIарац босизе; **~ све́дения** макруялдалъун баянал росизе

ВЫУ́ЖИВАТЬ *несов. см.* **вы́удить**

ВЫУ́ЧИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **вы́учить(ся)**

ВЫ́УЧИ//ТЬ *сов. что, кого чему и с неопр.* цIалун лъазабизе (ракIалда чIезабизе); малъизе; **~ть наизу́сть** ракIалдасан лъазабизе; **~ть стихотворе́ние** кечI ракIалдасан (рекIехъе) лъазабизе; **он ~л меня́ игре́ в ша́хматы** дос дида шахматал хIазе малъана; **~ть** *кого-л.* **чита́ть** *лъиданиги* цIализе малъизе

ВЫ́УЧИТЬСЯ *сов.* 1) *чему и с неопр.* ругьунлъизе, лъазе; **~ чита́ть** цIализе ругьунлъизе (лъазе); **~ кури́ть** хъалиян цIазе ругьунлъизе 2) *разг.* (*закончить обучение*) цIалун лъугIизе (*школалда ва ц.*)

ВЫ́УЧКА *ж* **1.** (*по гл.* **вы́учить**) лъазаби **2.** (*навыки*) ругьунлъи

ВЫ́УТЮЖИТЬ *сов. что* иту чIвазе (кьабизе); **~ брю́ки** тIаж-дада иту чIвазе (кьабизе)

ВЫХА́ЖИВАТЬ *несов. см.* **вы́ходить**

ВЫ́ХВАТИТЬ *сов.* 1) *кого-что* (*отнять*) хапун (бахъун) босизе 2) *кого-что* (*извлечь, вынуть*) цIан (къватIибе) бахъизе; **~ са́блю из но́жен** лъалиниса хъвалчен къватIибе бахъизе 3) *что разг.* (*при кройке*) кколелдаса цIикIкIун къотIизе (*лъутIулелъул*)

ВЫХВА́ТЫВАТЬ *несов. см.* **вы́хватить**

ВЫ́ХЛОП *м тех.* моторалъул цилиндралъуса газ къватIибе бачIин

ВЫХЛОПН//О́Й, -а́я, -о́е *тех.*: **~а́я труба́** моторалъуса газ къватIибе унеб труба

ВЫ́ХЛОПОТАТЬ *сов. что* тIалаб гьабун, щвезабизе; **~ разреше́ние** изну щвезабизе (босизе)

ВЫ́ХОД *м* **1.** (*по гл.* **вы́йти**) къватIибе бахъин (ин, бачIин); **~кни́ги в свет** тIехь къватIибе бачIин; **~ на рабо́ту** хIалтIуде ин; **~ арти́ста на сце́ну** артист сценаялде вачIин **2.** (*место*) къватIире унеб бакI; **стоя́ть у ~а** къватIире унеб бакIалда чIезе **3.** *перен.* (*способ, путь*) нух, рес; **найти́ ~ из тру́дного положе́ния** захIматаб хIалалдаса ворчIизе рес батизе ◊ **знать все ходы́ и ~ы** кинабго нух-каратI лъазе, *щибниги* лъикI лъазе

ВЫ́ХОДЕЦ *м*: **~ из крестья́н** рекьарухъабазда гьоркьосан вачIарав (*чи*); **~ из А́нглии** Англиялдаса вачIун, чIарав чи, апараг

ВЫ́ХОДИ//ТЬ *сов. кого-что* хъулухъ гьабун, сахлъизабизе; **~ть больно́го ребёнка** унтараб лъимер сахлъизабизе; 2) (*воспитать, вырастить)* хьихьун гIезавизе, тарбия кьун, куцазе); **она́ ~ла шестеры́х дете́й** долъ гIезабуна анлъго лъимер

ВЫХОДИ́ ТЬ *несов.* **1.** *см.* **вы́ йти 2.** (*быть обращенным в какую-л. сторону*) *цо кинаб бугониги рахъалде* буссун (балагьун) букIине; **о́кна выхо́дят в сад** гордал ахикье руссун (ралагьун) руго **3.** *в знач. вводного сл.* **выхо́дит** кколеб бугоха; **выхо́дит, что он не виновáт** кколеб бугоха, досда гIайиб гьечIо ◊ **э́ то не выхо́дит у меня́ из головы́** гьеб дида кIочон толеб гьечIо

ВЫ́ ХОДКА *ж* гIадаталдаса бахъараб (сурукъаб, рекъечIеб) иш; **ребя́ ческая ~** лъимадул гIадаб рекъечIеб иш

ВЫХОДН//О́Й, -а́я, -о́е **1.** къватIире рахъунеб (унеб); **~а́я дверь** къватIире рахъунеб (унеб) нуцIа **2.** (*праздничный, нарядный*) хIалтIуларел къоязда (байрамазда) ретIунеб; **~о́й костю́м** байрам къоялъ ретIунеб костюм **3.** *в знач. сущ.* **~о́й** *м* гIодов вугев (гIодобкъо бугев) чи **4. ~а́я** *ж* гIодой йигей (гIодобкъо бугей) гIадан; **я сего́дня ~а́я** дун жакъа гIодой йиго, дир жакъа гIодобкъо буго ◊ **~о́е посо́бие** хIалтIудаса нахъе гьавурав чиясе кьолеб гIарац; **~ы́е да́нные** *полигр.* тIехь къватIибе биччараб бакI, заман, гьелъул тираж *ва ц.* бихьизабурал баянал

ВЫХОЛА́ЩИВАТЬ *несов. см.* **вы́ холостить**

ВЫ́ ХОЛЕНН//ЫЙ, -ая, -ое цIакъ хъулухъ-агъаз гьабун гIезабураб (хьихьараб); **~ая борода́** цIакъ хъулухъ-агъаз гьабун гIезабураб мегеж

ВЫ́ХОЛИТЬ *сов. кого-что* цIакъ хъулухъ (тIалаб, агъаз) гьабун, гIезабизе (хьихьизе); **~ коня́** цIакъ хъулухъ-агъаз гьабун, чу хьихьизе

ВЫ́ ХОЛОСТИТЬ *сов.* 1) *кого* (*кастрировать*) сверизе, ахта гьабизе (лъугьинабизе); **~ жеребца́** барти сверизе (ахта гьабизе) 2) *что перен.* хиса-сверизабун хвезабизе; чIагоял (кIвар бугел) бакIал нахъе рехун, мискин гьабизе (*мас., художествияб асар*); **~ иде́ю** магIна хвезабизе, мискин гьабизе

ВЫ́ХОЛОЩЕННЫЙ, -ая, -ое сверараб, ахтаяб, бухараб, чIаголъи гьечIеб

ВЫ́ ЦАРАПА//ТЬ *сов. что* 1) (*вырвать, уничтожить*) хъарсизе, бикIизе, бикIун бахъизе; **ко́шка ~ла глаз** катица бер бахъана 2) *перен. разг.* (*добыть с трудом*) хIалица бахъун босизе 3) (*царапая изобразить*) хIуччал рахъун, хъвазе (*накъиш, сурат гьабизе*); **~ть на́дпись** хIуччал рахъун, *сунданиги* тIад *щибниги* хъвазе

ВЫЦАРА́ПЫВАТЬ *несов. см.* **вы́ царапать**

ВЫ́ЦВЕ//СТИ *сов.* кьер ине; **мате́рия ~ла на со́лнце** бакъалда ххамил кьер ана

ВЫЦВЕТА́ТЬ *несов. см.* **вы́ цвести**

ВЫ́ ЦЕДИТЬ *сов. что* 1) цIцIун тIезе; **~ всё вино́ из бо́чки** чирмаялъуса кинабго чагъир цIцIун тIезе 2) *разг.* (*медленно выпить*) тIагIам бахъун (босун), гьекъезе

ВЫЦЕ́ЖИВАТЬ *несов. см.* **вы́ цедить**

ВЫЧЁРКИВАТЬ *несов. см.* **вы́ черкнуть**

ВЫ́ЧЕРКНУТЬ *сов. кого-что* нахъе хъвагIазе, гьоркьоса нахъе рехизе; *~ кого-л.* **из спи́сков** сияхIаздаса *щивниги* нахъе хъвагIазе ◊ **~ из па́мяти** ракIалдаса инабизе, кIочон тезабизе

ВЫ́ЧЕРПАТЬ *сов. что* чвалхун, буххун лъугIизабизе; **~ всю во́ду из ведра́** ведроялъуса кинабго лъим буххун (чвалхун) лъугIизабизе

ВЫЧЕ́РПЫВАТЬ *несов. см.* **вы́ черпать**

ВЫ́ЧЕРТИТЬ *сов. что* чертеж гьабизе (бахъизе), чертеж гьабун, тIубазабизе; **~ план дворá** азбаралъул чертеж гьабун лъугIизабизе

ВЫЧЕ́РЧИВАТЬ *несов. см.* **вы́ чертить**

ВЫ́ ЧЕСАТЬ *сов.* 1) *кого-что* ххан нахъе инабизе (бацIцIад гьабизе); **~ пе́рхоть из воло́с** ххан расулъа хIабатI нахъе гьабизе 2) *что* (*обработать*) ххан хIадур гьабизе (къачIазе); **~ шерсть** квас ххан хIадур гьабизе

ВЫ́ ЧЕСТЬ *сов. что из чего* 1) (*mIaca*) бахъизе; **~ три из пяти́** щугоялдаса лъабго бахъизе 2) (*удержать при расчете*) тIаса (гъоркь) кквезе (*расчет гьабулелъул*); **~ заду́лженность** налъи тIаса (гъоркь) кквезе

ВЫЧЕ́СЫВАТЬ *несов. см.* **вы́ чесать**

ВЫ́ ЧЕТ *м* **1.** (*по гл.* **вы́честь**) тIаса бахъи **2.** (*удержанная сумма*) тIаса (гъоркь) ккураб гIарцул къадар; **~ составля́ет два́дцать рубле́й** тIаса (гъоркь) ккураб гIарцул къадар буго къого гъурущ ◊ **за ~ом** *кого-чего-л. щибниги, щивниги* гъорлъ рикIкIинчIого, гьоркьоб биччан, тIаса бахъун

ВЫЧИСЛЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **вы́числить**) хIисаб гьаби; **~ проце́нтов** процентал рахъи **2.** (*результат*) хIасил (*хIисаб гьабун ккараб*)

ВЫЧИСЛИ́ТЕЛЬ *м* 1) хIисаб-суал гьабулев специалист 2) хIисаб гьабулеб машина

ВЫЧИСЛИ́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое хIисаб гьабиялъул(аб); **~ые маши́ны** хIисаб гьабулел машинаби; **~ая матема́тика** хIисаб-суалалда, электроникаялъул машинаби хIалтIизариялда хурхараб математикаялъул бутIа

ВЫ́ ЧИСЛИТЬ *сов. что* хIисаб гьабизе; **~ сто́имость постро́йки** балеб бакIалъул багьаялъул хIисаб гьабизе

ВЫЧИСЛЯ́ ТЬ *несов. см.* **вы́ числить**

ВЫ́ ЧИСТИТЬ *сов. что* тIубан (камилго) бацIцIад гьабизе; **~ пальто́** пальто тIубан бацIцIад гьабизе

ВЫ́ЧИСТИ//ТЬСЯ *сов.* тIубан (камилго) бацIцIалъизе; **пальто́ ~лось** пальто тIубан (камилго) бацIцIалъана

ВЫЧИТА́ЕМОЕ *с мат.* жиб бахъулеб (*хIисабалъулъ*)

ВЫЧИТА́НИ//Е *с мат.* (*тIаса*) бахъи (*хIисабалъулъ*); **знак ~я** (*тIаса*) бахъиялъул (бахъул) ишара (–)

ВЫ́ ЧИТА//ТЬ *сов. что* 1) (*читая, узнать*) цIалун лъазе; **~ть** *что-л.* **в газе́тах** газетаздаса цIалун, *щибниги жо* лъазе 2) (*читая, выправить*) цIалулаго битIизабизе; **реда́ктор ~л ру́копись** квералъ хъвараб жо редакторас цIалулаго битIизабуна

ВЫ́ ЧИТАТЬ *несов. см.* **вы́ честь**

ВЫ́ЧИТКА *ж* (*по гл.* **вы́читать**) цIалулаго битIизаби; **~ машинопи́сного те́кста** машинкаялъ кьабураб текст цIалулаго битIизаби

ВЫЧИ́ ТЫВАТЬ *несов. см.* **вы́ читать**

ВЫЧИЩА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **вы́ чистить(ся)**

ВЫ́ЧУРНЫЙ, -ая, -ое берцинлъизе гьабулебилан бичIчIизе (нахъгIунтIизе) захIмалъизабураб; **~ слог** бичIчIизе захIматаб калам

ВЫША́ГИВАТЬ *несов. разг.* (*идти большими шагами*) кIудиял галабиги тIамулаго, ине

ВЫШВЫ́ РИВАТЬ *несов. см.* **вы́ швырнуть**

ВЫ́ШВЫРНУТЬ *сов. кого-что разг.* къватIибе рехизе (хьвагIизе, хьуризабизе); **~** *что-л.* **в окно́** *щибниги жо* гордухъа къватIибе хьуризабизе 2) *перен.* (*выгнать*) къватIиве гъезе (къотIизе, яризавизе)

ВЫ́ ШЕ 1. *сравн. ст. к* **высо́кий** *и* **высоко́**; **э́ то де́рево ~ того́** гьаб гъветI долдаса борхатаб буго **2.** *нареч. и предлог с род. п.* (*сверх чего-л.*) цIикIкIун, тIадехун; **де́ти от пяти́ лет и ~** щуго соналдаса цIикIкIун (тIадехун) бугел лъимал **3.** *предлог с род. п.* (*вверх по течению*) -са тIадехун; **~ Гуни́ ба** Гъуниса тIадехун ◊ **как говори́лось ~** тIадехун абухъе; **э́ то ~ мои́х сил** гьелъие дир хIал гIоларо; **э́ то ~ моего́ понима́ния** гьеб дида бичIчIулеб жо гуро

ВЫШЕИЗЛО́ЖЕННЫЙ, -ая, -ое тIадехун бицараб

ВЫ́ ШЕЛ, ВЫ́ ШЛА *и т. д. прош. от* **вы́ йти**

ВЫШЕЛУ́ ШИВАТЬ *несов. см.* **вы́ шелушить**

ВЫ́ ШЕЛУШИТЬ *сов. что* чIучIине, хъал бахъизе; **~ кукуру́зу** цIоросаролъ чIучIине

ВЫШЕНА́ЗВАННЫЙ, -ая, -ое тIадехун цIар абураб

ВЫ́ШЕСТОЯЩ//ИЙ, -ая, -ее тIадехун бугеб; **~ая организа́ция** тIадехун бугеб организация (гIуцIи)

ВЫ́ШЕУКА́ЗАННЫЙ, -ая, -ое тIадехун (цебе) бихьизабураб; **~ приме́р** тIадехун (цебе) бихьизабураб мисал

ВЫ́ ШЕУПОМЯ́ НУТЫЙ, -ая, -ое тIадехун (цебехун) рехсараб; **~ слу́чай** цебехун (тIадехун) рехсараб лъугьа-бахъин

ВЫШИБА́ТЬ *несов. см.* **вы́ шибить**

ВЫ́ ШИБИТЬ *сов.* 1) *что разг.* тункун бортизабизе; **~** *что-л.* **из рук** тункун (туркIун) кодоса *щибниги* бортизабизе 2) *кого* (*выгнать*) нахъе гъезе (къотIизе) ◊ **~ дух** рухI бахъизабизе (тIагIинабизе, инабизе)

ВЫШИВА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое угьарулеб, угьаризе хIалтIизабулеб; **~ые ни́тки** угьарулел (угьаризе хIалтIизарулел) кунал

ВЫШИВА́ЛЬЩИЦА *ж* угьарухъан

ВЫШИВА́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **вы́шить**) угьун берцин гьаби; **~ платка́** угьун квархьи (кIаз) гьаби **2.** (*вещь*) угьун гьабураб жо

ВЫШИВА́ТЬ *несов. см.* **вы́ шить**

ВЫ́ШИВК//А *ж* **1.** (*по гл.* **вы́шить**) угьари; **занима́ться ~ой** угьаризе **2.** (*узор*) угьун гьабураб накъиш

ВЫШИН//А́ *ж* 1) борхалъи; **ба́шня ~о́й в со́рок ме́тров** кIикъого метр борхалъи бугеб си 2) (*высь*) борхатаб (зодихъе араб) бакI, зодихъбакI, борхалъи; **орёл пари́т в ~е́** цIум зодихъ тIавагьунеб буго

ВЫ́ ШИТ//ЫЙ, -ая, -ое угьун гьабураб; **~ая соро́чка** угьун гьабураб гурде

ВЫ́ШИТЬ *сов. что* угьун гьабизе (*накъищ, хатI ва ц.*); **~ ковёр** угьун халича гьабизе; **~ ме́тки на полоте́нце** полотенцаялда угьун гIужал гьаризе

ВЫ́ ШКА *ж* си, вышка

ВЫ́ ШКОЛИТЬ *сов. кого-что разг.* гIадлу-низамалде ругьун гьаризе, куцазе

ВЫ́ЩИПАТЬ *сов. что* бетIун (хIулун) лъугIизабизе (*рас, хIули, хер*); **~ траву́** хер бетIун лъугIизабизе; **~ пе́рья у ку́рицы** гIанкIуялдаса хIули бетIизе

ВЫЩИ́ ПЫВАТЬ *несов см.* **вы́ щипать**

ВЫ́ЯВИТЬ *сов. кого-что* загьир гьабизе, тIатинабизе, цебе рехизабизе, лъазабизе; **~ недоста́тки в рабо́те** хIалтIулъ гIунгутIаби тIатинаризе; **~ свои́ спосо́бности** жиндирго гьунар (пагьму, махщел, бажари) загьир гьабизе

ВЫ́ ЯВИТЬСЯ *сов.* тIатине, загьирлъизе, лъазе

ВЫЯВЛЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **вы́ явить**) загьир гьаби, тIатинаби, цебе рехизаби, лъазаби **2.** (*по гл.* **вы́явиться**) тIатин, загьирлъи, лъай

ВЫЯВЛЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **вы́ явить(ся)**

ВЫЯСНЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **вы́яснить**) баян гьаби, баянлъизаби, якъинлъизаби, лъазаби, роцIинаби **2.** (*по гл.* **вы́ясниться**) баянлъи, якъинлъи, роцIин, лъай

ВЫ́ ЯСНИТЬ *сов. что* баян гьабизе, баянлъизабизе, якъин гьабизе, якъинлъизабизе, роцIинабизе; **~ вопро́с** суал баян гьабизе

ВЫ́ ЯСНИ//ТЬСЯ *сов.* баянлъизе, якъинлъизе, роцIине; **де́ло ~лось** иш баянлъана (якъинлъана)

ВЫЯСНЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **вы́ яснить(ся)**

ВЬЕТНА́МЕЦ *м* вьетнамав

ВЬЕТНА́МКА *ж* вьетнамай

ВЬЕТНА́МСКИЙ, -ая, -ое Вьетнамалъул; **~ язы́к** вьетнам мацI

ВЬЕТНА́МЦЫ *мн.* вьетнамал

ВЬЮ́ ГА *ж* буран, гIазугун гьури, пуй-чIвай

ВЬЮ́ ЖИТЬ *несов.* буран пузе, пуй-чIвай багъаризе, гIазугун гьури бахъине

ВЬЮ́ЖН//ЫЙ, -ая, -ое бураналъул, буран бугеб, пуй-чIваялъул, пуй-чIвай бугеб, гIазу-гьури бугеб; **~ая пого́да** пуй-чIвай бугеб гьава-бакъ

ВЬЮК *м* юк, къайидул танг (*чоца ва ц. мугъалда лъун баччулеб*)

ВЬЮН *м* 1) (*рыба*) вьюн (*ччугIа*) 2) *перен.* гъорлъан ворчIарав (цIакъ тирияв) чи

ВЬЮНО́К *м бот.* рехъеб (*жемулеб харил цо тайпа*)

ВЬЮ(СЬ), ВЬЁШЬ(СЯ) *и т. д. наст. от* **ви́ ть(ся)**

ВЬЮ́ ЧИТЬ *несов. кого-что* юк лъезе; **~ верблю́да** вараниялда юк лъезе

ВЬЮ́ ЧН//ЫЙ, -ая, -ое юк баччулеб; **~ая ло́шадь** юк баччулеб чу

ВЬЮ́ ШКА *ж* тIалъел (*печалъул турба бацулеб*), хъерщеро

ВЬЮ́ Щ//ИЙСЯ, -аяся, -еяся 1) жемулеб; **~еяся расте́ние** жемулеб хер 2) кIургIараб; **~иеся во́лосы** кIургIараб рас

ВЯЖУ́ , ВЯ́ ЖЕШЬ *и т. д. наст. от* **вяза́ть**

ВЯ́ ЖУЩ//ИЙ, -ая, -ее 1) лъвартIизабулеб; **~ вкус** (*кIалмацI*) лъвартIизабулеб тIагIам 2) пицIмахIаб, сину бугеб; **~ие материа́лы** пицIмахIал материалал

ВЯЗ *м* ботI

ВЯЗА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое хьухьариялъул, хьухьарулеб; **~ый крючо́к** хьухьарулеб гьанцIа; **~ые спи́цы** хьухьарулел гIучIал

ВЯЗА́НИЕ *с* (*по гл.* **вяза́ть**) бухьин, къай; **~ платка́** квархьи (кIаз) бухьин; **~ снопо́в** гулал къай

ВЯ́ ЗАНКА *ж разг.* (*вязаный свитер и т. п.*) хьухьараб жо (*гурде ва ц.*)

ВЯЗА́НКА *ж* кIуштIа, магь; **~ дров** цIулал магь

ВЯ́ ЗАН//ЫЙ, -ая, -ое хьухьараб, хьухьун гьабураб; **~ая ко́фта** хьухьараб кофта; **~ые ва́режки** хьухьарал квердаххелал (гвадачал)

ВЯЗА́НЬЕ *с* хьухьин, хьухьари; (*вещь*) хьухьараб (хьухьун гьабураб) жо

ВЯЗА́ТЬ *несов.* 1) *кого-что* (*стягивать жгутом, веревкой*) бухьине, къазе; **~ снопы́** гулал къазе 2) *что* (*крючком, спицами*) хьухьине; **~ ко́фту** кофта хьухьине; **~ чулки́** щватаби хьухьине 3) *безл.* (*вызывать вяжущее ощущение*) лъвартIизабизе; **от зелёной гру́ши во рту вя́жет** гIурччинаб генуца кIал лъвартIизабула

ВЯЗА́ТЬСЯ *несов. разг.* (*соответствовать*) рекъезе, рекъерешезе; **его́ слова́ пло́хо вя́жутся с ра́нее ска́занным** досул рагIаби цебе бицаралда рекъолел, данде кколел гьечIо ◊ **де́ло не вя́жется** иш нухда унеб гьечIо, иш данде билъгьунеб гьечIо

ВЯ́ЗКА *ж* (*по гл.* **вяза́ть**) бухьин, къай; **~ снопо́в** гулал къай

ВЯ́ ЗК//ИЙ, -ая, -ое рекIарунеб, рекIунеб, пицIмахIаб, гьорлъ къалеб; **~ая гли́ на** пицIмахIаб (гьорлъ къалеб) хIатI; **~ое боло́то** гьорлъ къалеб хьуцI

ВЯ́ ЗКОСТЬ *ж* пицIмахIлъи, рекIарин

ВЯ́ ЗНУ//ТЬ *несов.* гьорлъ къазе, рекIун (седон) чIезе; **колёса ~т в грязи́** бурдул хIарщулъе къан унел руго (хIарщулъ къан хутIулел руго)

ВЯЗЬ *ж* цо чанго хIарп цоцалъ жубазабун лъугьараб цо жубараб хIарп, ишара; **ара́бская ~** гIараб хIарпазул жуба-гьубараб накъищ

ВЯ́ ЛЕН//ЫЙ, -ая, -ое бучIизабураб, бакъвазабураб (*гьан, ччугIа*); **~ая ры́ ба** бакъвазабураб ччугIа

ВЯ́ ЛИТЬ *сов. что* бакъвазабизе, бучIизабизе (*гьан, ччугIа*); **~ ры́ бу** ччугIа бакъвазабизе

ВЯ́ ЛИТЬСЯ *несов.* бакъвазе, бучIизе (*гьан, ччугIа*)

ВЯ́ Л//ЫЙ, -ая, -ое 1) бечIараб; **~ые цветы́** речIарал тIугьдул 2) *перен.* вечIарав, чIаголъи гьечIев, гьарт-гьартарав; **~ челове́к** вечIарав (чIаголъи гьечIев) чи

ВЯ́ НУ//ТЬ *несов.* 1) бечIазе; **ли́стья ~т** тIанхал речIалел руго 2) *перен.* (*о человеке*) вечIазе, чIаголъи хвезе, гьартизе ◊ **у́ши ~т** гIенеккизецин рокьукъго буго *(гьедигIанги гIантаб, магIна гьечIеб)*

Г

ГА *м нескл. см* **гекта́р**

ГАБАРДИ́ Н *м* габардин (*квасул ххамил цо тайпа*)

ГАБАРДИ́ НОВ//ЫЙ, -ая, -ое габардиналъул; **~ое пальто́** габардиналъул пальто

ГАБАРИ́ Т *м* предметалъул кIодолъи-гьитIинлъи, роцен, гьелъ кколеб бакI

ГА́ВАНЬ *м* гуми чIолеб бакI (*гьородасаги хьвараб тIабигIияб яги гьабураб*)

ГА́ГА *ж зоол.* гага (*североалъул ралъдал ордеказул цо тайпа*)

ГАГА́РА *ж зоол.* гагара (*североалъул ралъдал чIахIиял хIанчIазул цо тайпа*)

ГАГАУ́ З *м* гагаузав

ГАГАУ́ ЗКА *ж* гагаузай

ГАГАУ́ ЗСКИЙ, -ая, -ое гагаузазул; **~ язы́ к** гагауз мацI

ГАГАУ́ ЗЫ *мн.* гагаузал (*культураялъул (маданияталъул) рахъалъ болгаразде гIагараб,Украиналда, Молдавиялда ва Болгариялда гIумру гьабулеб халкъ*)

ГАГА́ЧИЙ, -ья, -ье гагара хIинчIалъул; **~ пух** гагара хIинчIалъул хъуп

ГАД *м* I) *мн.* **~ы** *зоол.* шурулел, хъурщулел, ракъдадаги лъелъги гIумру гьабулел борохь, къверкъ гIадал рухIчIаголъабазул гIаммаб цIар; **чешу́йчатые ~ы** тIад макъар чIварал шурулел рухIчIаголъаби 2) *бран.* борохь

ГАДА́ЛКА *ж* палихъан

ГАДА́НИЕ *с* **I.** (*по гл.* **гада́ть**) пал тIами, палихъанлъи; **~ на ка́ртах** кагътаз пал тIами; **~ по руке́** квералде балагьун, букIинесеб бицин **2.** (*предложение, догадка*) (*гьадин батилилан*) цебеккунго ракIалъ хIукму гьаби

ГАДА́ТЬ *несов.* I) (*предсказывать*) пал тIамизе 2) (*предполагать*) цебеккунго ракIалъ хIукму гьабизе ◊ **~ на кофе́йной гу́ще** цебеккунго ракIалъ кьучI гьечIеб хIукму къотIизе

ГА́ДИНА *ж разг. см.* **гад**

ГА́ДИТЬ *несов.* I) *разг.* (*пачкать – о животных*) билъулъизе, билъулъун хъублъизабизе 2) *кому* (*вредить*) квешлъи гьабизе, зарал гьабизе, тIаде вилъулъизе

ГА́ДК//ИЙ, -ая, -ое рокьукъаб, сурараб, лагIизе бачIунеб, ракI сверизабулеб (багъаризабулеб); **~ий пусту́пок** рокьукъаб (сурараб) иш

ГА́ДОСТЬ *ж разг.* I) хъубаб (ракI гьанцIизабулеб) жо; хъублъи; **вы́бросьэ́ту ~ть** гьеб хъублъи къватIибе рехе 2) *мн.* **~и** нахъегIанал (къадарал) ишал; **де́лать ~и** нахъегIанаб (къадараб) иш гьабизе; **говори́ть ~и** нахъегIанал ргIаби абизе, нахъегIанаб жо бицине

ГАДЮ́ КА *ж* 1) (*змея*) загьруяб борохь, чIегIерборохь 2) *бран.* борохь, чIегIераб борохь

ГА́ЕЧНЫЙ, -ая, -ое гайкадул, гайкабазул; **~ ключ** гайкабазул кIул

ГА́ЖУ, ГА́ДИШЬ *и т. д. наст. от* **га́дить**

ГАЗ[1] *м* 1) газ; **ядови́тый ~** загьруяб газ; **вы́ключить ~** газ свинабизе, гьоркьоб къотIизабизе 2) *мн.* **~ы** (*в кишечнике*) гьури (*бакъазда жаниб*) ◊ **дава́ть по́лный ~** тIубан (ракьанда цузегIан) газ кьезе, гIедегIизабизе; **сба́вить ~** газ дагь гьабизе, гIодобе биччан (гьаругьин) бачине (*машина*)

ГАЗ[2] *м текст.* газ (*тIадагьаб, цIакъ тIеренаб чиллайдул ххам; гьинкатан*)

ГАЗАВА́Т *м ист.* гьазават

ГАЗЕ́ЛЬ[1] *ж зоол.* жайран

ГАЗЕ́ЛЬ[2] *ж* (*стихотворная форма*) гьазел (*гIараб кучIдузул формаялъул цояб*)

ГАЗЕ́ТА *ж* газета; **вечёрняя ~** маркIачIул газета; **по сообще́нию газе́т** газетаз лъазабухъе; **стенна́я ~** къадал газета

ГАЗЕ́ТН//ЫЙ, -ая, -ое газеталъул(аб); **~ая статья́** газеталъул статья; **~ый стиль** газеталъулаб стиль; **~ый кио́ск** газетал ричулеб киоск, газетазул киоск

ГАЗЕ́ТЧИК *м* 1) (*продавец газет*) газетал ричулев чи 2) *разг.* (*сотрудник газеты*) газеталъул хIалтIухъан

ГАЗИРО́ВАНН//ЫЙ, -ая, -ое гьоркьобе (гьорлъе) газ биччараб; **~ая вода́** гьорлъ газ бугеб лъим

ГАЗИФИКА́ЦИЯ *ж* **1.** (*превращение в газ*) газалде сверизаби (*мас. къвакIараб цIадари*) **2.** (*снабжение газовой энергией*) газалъулаб энергиялдалъун хьезари; **~ городо́в** шагьарал газалдалъун (газалъулаб энергиядалъун) хьезари

ГАЗИФИЦИ́РОВАТЬ *сов. и несов. что* 1) (*превратить в газ*) газалде сверизабизе (*мас. къвакIараб цIадари*); газ бачине; **~ кварти́ры** рукъзабахъе газ бачине

ГАЗОАППАРАТУ́ РА *ж* газалъул аппаратура

ГАЗОБАЛЛО́Н *м* газалъул баллон

ГАЗОВЩИ́ К *м* газовщик (*газалда хурхараб ишалъул специалист*)

ГА́ЗОВ//ЫЙ,[1] -ая, -ое газалъул(аб); **~ая плита́** газалъ хIалтIизабулеб, газалъул плита; **~ое отопле́ние** газалъ хинлъи кьолеб система

ГА́ЗОВ//ЫЙ,[2] -ая, -ое *текст.* газил (*газ ххамил*); **~ое пла́тье** газил горде; **~ый шарф** газил габурбухь (шарф)

ГАЗОГЕНЕРА́ТОР *м тех.* газогенератор (*лъамияб яги къвакIараб цIадари рекIунеб газалде сверизабулеб аппарат*)

ГАЗОГЕНЕРА́ТОРН//ЫЙ, -ая, -ое *тех.* газогенераторалъул

ГАЗОЛИ́ Н *м* газолин (*нефталдаса яги газалдаса бахъулеб, хадуб жиндасан бензин гьабулеб лъамалъи*)

ГАЗОМЕ́Р *м тех.* газомер, газалъул счетчик (*газалъул къадар ва гьабураб харж борцунеб алат*)

ГАЗОМЕ́ТР *м тех.* газометр (*газ бакIаризе, цIунизе ва объем борцине хIалтIизабулеб лабораторияб алат*)

ГАЗО́Н *м* газон (*ахакь, парказда тIарцIго ва цокIалго къунцIараб хер бекьараб майданлъи*)

ГАЗОНЕПРОНИЦА́ЕМОСТЬ *ж* гьорлъан газ биччангутIи (борчIунгутIи)

ГАЗОНЕПРОНИЦА́ЕМЫЙ, -ая, -ое гьорлъан газ биччалареб (борчIулареб)

ГАЗОНО́СНОСТЬ *ж* тIабигIияб газалъул нахърателал рукIин (*ракьул гьварилъиялда*)

ГАЗОНО́СНЫЙ, -ая, -ое тIабигIияб газалъул нахърател бугеб; **~ пласт** газалъул нахърател бугеб гъат (*ракьул*)

ГАЗООБМЕ́Н *м биохим.* газообмен (*цоял газал жанире цIан, цогиял къватIире риччан, чIагоял организмабазда кколел проце-ссал*)

ГАЗООБРА́ЗН//ЫЙ, -ая, -ое газгIадаб, газмахIаб, газ тайпаялъул, газалъул хасият бугеб; **~ые тела́** газ тайпаялъул жал

ГАЗОПРОВО́Д *м* газ бачарал турбаби, газимухъ

ГАЗОУБЕ́ЖИЩЕ *с* газоубежище (*газалдаса цIунун, рахчулеб хасаб бак1)*

ГАЗОХРАНИ́ ЛИЩЕ *с* газ цIунулеб ва кколе-кколелъубе бикьулеб бакI

ГА́ЙКА *ж* гайка

ГАЛА́КТИКА *ж астр.* галактика (*цIвабзазул система*)

ГАЛАНТЕРЕ́ЙНЫЙ, -ая, -ое галантереялъул(аб); **~ый магази́ н** галантереялъул тукен

ГАЛАНТЕРЕ́Я *ж* галантерея (*гIиси-бикъинаб къайи: гьаркьал, лентал, щеткаби, кIутIби релъунеб жо, каранда чIвалел жал ва гь. ц.*)

ГАЛА́НТНОСТЬ *ж* цIакъ камилго адаб-хъатир гьаби

ГАЛА́НТНЫЙ, -ая, -ое цIакъ камилго адаб-хъатир гьабулев; ~ **молодо́й челове́к** цIакъ камилго адаб-хъатир гьабулев гIолохъанчи

ГАЛДЁЖ *м разг.* (*по гл.* **галде́ть**) гъавгъа, хъуй

ГАЛДЕ́ТЬ *несов. разг.* хъудизе

ГАЛЕРЕ́Я *ж* 1) цIорол рагъи 2) (*в театре*) тIасияб ярус (*театралда*) 3) *воен.* галерея (*ракьулъан бахъараб нух*) 4) галерея, художествияб музей

ГАЛЁРКА *ж разг.* галёрка (*театралда учузал белтазул рикIкIадегIанасеб бак1)*

ГАЛЕ́ТА *ж* галета (*бакъвазабураб тIеренаб панкъ; реччеб гьечIеб хамуралъул печенье*)

ГАЛИФЕ́ *с нескл.* галифе (*бихьиназул тIаждал форма*)

ГА́ЛКА *ж* чIегIерхIинчI

ГА́ЛЛИЙ *м* галлий (*хим. элемент, металл*)

ГАЛЛЮЦИНА́ЦИЯ *ж* галлюцинация (*гьечIел жал цере тIамизе*)

ГАЛЛЮЦИНИ́РОВАТЬ *несов.* гьечIел жал цере тIамизе

ГАЛОГЕ́Н *м хим.* галоген (*фтор, хлор, йод ва ц. галогеназул цояб*)

ГАЛО́П *м* ункъида кIанцIи, хехаб бекери (*чол*)

ГАЛОПИ́РОВАТЬ *несов.* ункъида кIанцIизе, ункъида кIанцIун, бекеризе (*чу*)

ГАЛО́ПОМ *нареч.* 1) ункъида кIанцIун; **ло́шадь несётся** ~ чу, ункъида кIанцIун, унеб буго 2) *перен.* (*очень быстро*) цIакъ хехго

ГА́ЛОЧК//А *ж разг.* (*значок*) ишара; **поста́вить ~у** ишара лъезе (гьабизе)

ГАЛО́ШИ *мн.* (*ед.* **~а** *ж*) калошал

ГА́ЛСТУК *м* галстук; **пионе́рский** ~ пионерасул галстук; **завяза́ть** ~ галстук бухьине (базе) ◊ **заложи́ть за** ~ гьекъезе (*гIаракъи ва ц.*)

ГАЛУ́Н *м* гIарцул (меседил) чалу (*ратIлида балеб*)

ГАЛУ́ШК//И *мн.* (*ед.* **~а** *ж*) рахьдалъ яги чурпадалъ релъарал украиназул хинкIал

ГАЛЬВАНИЗА́ЦИЯ *ж физ.* гальванизация (*медицинаялда – сахлъизаризе, техникаялда – сунданиги тIаде металл биччазе электроток хIалтIизаби*)

ГАЛЬВАНИЗИ́РОВАТЬ *сов. и несов. что физ.* гальванизация гьабизе (*сахлъизаризе яги сунданиги тIад металлалъул хъал гьабизе электроток хIалтIизабизе*)

ГАЛЬВАНО́МЕТР *м физ.* гальванометр (*загIипал электрикиял токал рорцунеб алат*)

ГА́ЛЬКА *ж собир.* чIимих (*гIуруца, ралъдаца цIвакизе ва гургинлъизе гьабураб гьитIинаб гьецIо*)

ГАМ *м разг.* ахIи-хIур, гъавгъа

ГАМА́К *м* гамак, гъулак (*регизе, хIухьбахъи гьабизе къватIиб гьаваялда балеб*)

ГА́ММА[1] *ж* 1) *муз.* гамма (*цо яги чанго октава тартибалда, гьаракь борхун яги гIодоцун, бачин*) 2) *перен.* гамма; ~ **кра́сок** релъабазул кьеразул батIалъи

ГА́ММА[2] *ж* гамма (*греказул алфавиталъул лъабабилеб хIарп*)

ГАНГРЕ́НА *ж мед.* гангрена (*би хьвадичIолъиялдалъун гIадамасул яги хIайванальул гьан хвезе, туризе байбихьи*)

ГАНГРЕНО́ЗНЫЙ, -ая, -ое гангренаялде сверулеб, гангренаялъул(аб); ~ **проце́сс** гангренаялъул(аб) (гангренаялде сверулеб) процесс

ГА́НГСТЕР *м* гангстер, хъачагъ; **америка́нские ~ы** американаялъул гангстерал

ГАНДБО́Л *м спорт.* гандбол (*квераз торгIо кавабахъе рехулеб командабазулаб хIай*)

ГАНТЕ́ЛИ *мн.* (*ед.* **~ль** *ж*) *спорт.* гантелал

ГАРА́Ж *м* гараж

ГАРАНТИ́ЙН//ЫЙ, -ая, -ое божилъи кьураб, тIаде босараб, рагIи кьураб, гарантия бугеб (кьолеб); **~ое письмо́** гарантия кьураб кагъат; **~ый ремо́нт** качествоялъул, заманалъул гIурхъи чIван гьабулеб ремонт

ГАРАНТИ́ РОВАНН//ЫЙ, -ая, -ое гарантия кьураб, гIурхъи чIвараб; **~ая опла́та** трудá гарантия (рагIи) кьураб хIалтIухъ кколеб мухь

ГАРАНТИ́РОВАТЬ *сов. и несов.* 1) *что* гарантия (божилъи) кьезе, жавабчилъи тIаде босизе; ~ **про́чность матéрии** ххамил щулалъиялъе гарантия кьезе; ~ **высо́кое ка́чество това́ра** къайи дул тIадегIанаб качествоялъе гарантия букIинабизе; ~ **высо́кий урожа́й** тIадегIанаб бачIиналъе гарантия букIинабизе; ~ **равнопра́вие наро́дам** халкъазе ихтияр бащалъи чIезабизе (букIинабизе); ~ **гра́жданам пра́во на труд, на о́тдых, на образова́ние** гIадамазе хIалтIуе, хIухьбахъиялъе, лъаялъе ругел ихтияразе гарантия букIинабизе 2) *кого-что* цIунизе; ~ **от вся́ких неожи́данностей** киналгIаги нагагьал жалаздаса цIунизе

ГАРА́НТИ//Я *ж чего* гарантия, жавабчилъи, жаваб кьей, цIунизе тIаде боси, букIинаби, чIезаби; **часы́ с ~ей** гарантия бугеб сагIат; **в э́том ~ на́шего успе́ха** нилъер бергьенлъиялъул гарантия гьелъулъ буго

ГАРДЕРО́Б *м* 1) (*шкаф*) гардероб (*ретIел лъолеб, балеб шкаф*) 2) (*помещение*) гардероб (*общественниял рукъзабахъ рачIарал гIадамазул пальто, тIагъур ва ц. цIунулеб хасаб рукъ*) 3) *собир.* (*одежда*) ретIел; **у него́ большо́й** ~ досул гIемераб ретIел буго

ГАРДЕРО́БЩИК *м* гардеробщик (*гардеробалда хIалтIулев чи*)

ГАРДЕРО́БЩИЦА *ж* гардеробщица (*гардеробалда хIалтIулей гIадан*)

ГАРДИ́НА *ж* гордабигъ (*тIубараб гордуялда бигъулеб пардав*)

ГА́РЕВ//ЫЙ, -ая, -ое; **~ая доро́жка** *спорт.* шлакалъул нух (*тIурччи бухIун хутIараб гIисинаб шлак ва ц. бан, рекеризе гьабураб хасаб нух*)

ГАРЕ́М *м* гарем (I *бусурбабазул рукъалъул руччабазулаб бащалъи* 2 *собир. бечедав бусурбанасул лъудби*)

ГА́РКАТЬ *несов. см.* **га́ркнуть**

ГА́РКНУТЬ *однокр. к* **га́ркать; ~ на** *кого-л. лъидениги* ахIдезе, хъихъидизе; хъачIго, щцин бахъун, гьаракь гьабизе

ГАРМО́НИК//А *ж* 1) (*музыкальный инструмент*) аргъан; **губна́я ~а** кIутIбузул (кIутIбуз бачунеб) аргъан, кIалзул аргъан 2) (*ряд складок*) аргъан, рукIкIалаби; **сложи́ть бума́гу ~ой** кагъат, аргъан гIадин, сукI-сукIизе

ГАРМОНИ́Р//ОВАТЬ *несов. с чем* рекъезе, санагIат рекъон букIине (ккезе); **слова́ ~уют с посту́пками** ргIабиги ишалги данде кколел руго

ГАРМОНИ́СТ *м* аргъанчи

ГАРМОНИ́ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое 1) *муз.* цIокIалаб, рекъон ккараб 2) (*периодически повторяющийся*) зама-заманалдасан такрарлъулеб; **~ие колеба́ния** зама-заманалдасан такрарлъулеб сороди, гьаргъади

ГАРМОНИ́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*благозвучный*) рекъараб, ргIизе берцинаб гьаракьалъул; **~ые зву́ки** рекъарал (берцинал) гьаркьал 2) (*согласованный*) цоцалъ рекъараб, рекъа-решараб, кинабго рахъ рекъараб; **~ые кра́ски** кьерал данде ккарал релъаби, лажбарал; **~ое разви́тие** кинабго рахъ рекъараб цебетIей

ГАРМО́НИЯ *ж* гармония (I *музыкияб теориялъул аккордазул гIуцIиялъул бицунеб бутIа* 2 *сундулниги хIалтIи рекъон ккей, данде ккей, лъикI хIалтIи*)

ГАРМО́НЬ, ГАРМО́ШКА *ж разг. см.* **гармо́ника**

ГАРНИЗО́Н *м воен.* гарнизон (*цо хъалаялда яги шагьаралда бугеб аскар*)

ГАРНИЗО́НН//ЫЙ, -ая, -ое *воен.* гарнизоналъул, гарнизонияб; **~ая слу́жба** гарнизоналда гьабулеб хъулухъ

ГАРНИ́Р *м* гарнир (*гьанал ва ччугIил квеналда цадахъ кьолеб картошкадул, капустадул ва ц. тIадежо*); **котле́ты с ~ом** гарниргун котлетал

ГАРНИТУ́Р *м* (*комплект*) гарнитур; ~ **белья́** гьоркьан ретIелалъул гарнитур; **ме́бельный** ~ мебелалъул гарнитур; **спа́льный** ~ регулеб рокъоб лъолеб кинабго мебель: кроватал, матIу, комод, хельга *ва гь. ц.,* регулеб рукъалъул гарнитур

ГАРПУ́Н *м* гарпун (*ралъдал чIахIиял хIайванал кквезе хIалтIизабулеб кIичIги тIогьиб бугеб халатаб кварадла бараб чIор*)

ГАРПУНЁР, ГАРПУ́НЩИК *м* гарпунщик (*гарпун рехулев, речIчIулев чи*)

ГАРПУ́НН//ЫЙ, -ая, -ое гарпуналъул; **~ая пу́шка** гарпун рехулеб (речIчIулеб) гIарада

ГАРЦЕВА́ТЬ *несов.* берцинго, лебалго чотIа рекIине, жиндирго махщел бихьизабизе

ГАРЬ *ж* 1) бухIун бахъараб жо; **па́хнет ~ю** бухIумахI чIвалеб буго 2) (*остатки от сгорания каменного угля*) тIурччи бухIун хутIараб жо, шлак; **посы́пать доро́жки ~ю** нухде тIурччи бухIун хутIараб жо щвазе 3) (*выжженное место в лесу*) рохьоб цIа ккун бухIараб бакI

ГАСИ́ТЬ *несов. что* 1) свинабизе; **~ ого́нь** цIа свинабизе 2) хадубккун пайда босизе бегьулареблъун гьабизе; **~ почто́вую ма́рку** почалъул марка хадубккун пайда босизе бегьулареблъун гьабизе 3) бецIизе; **~ заде́ржанность** налъи бецIизе 4) *тех. сундулниги* хIалтIи (энергия) дагьлъизабизе; **~ ско́рость** хехлъи дагьлъизабизе 5) *перен.* цIебетIеялъе квал-квал гьабизе; гьанкъизабизе; **~ тво́рческие поры́вы** творческиял гъира-къасдал гьанкъизаризе

ГА́СН//УТЬ *несов.* 1) сун ине; **костёр ~ет** цIа сун унеб буго; **звёзды ~ут** цIваби сун унел руго 2) тIагIун ине; **его́ си́лы ~ут** досул къуват тIагIун унеб буго

ГАСТРИ́Т *м мед* гастрит (*кванирукъалъул унти*)

ГАСТРОЛЁР *м* 1. гастролазда вугев артист 2. *перен.* цо бакIалда гIемер мехалъ хIалтIуларев, хъулухъал хисулев чи

ГАСТРО́//ЛИ *мн.* (*ед.* **~ль** *ж*) гастролал (*цоги бакIалдаса рачIарал артистаз кьолел концертал ва ц.*); **теа́тр вы́ехал на ~ли** театр гастролазде ана

ГАСТРОЛИ́РОВАТЬ *несов.* 1) гастролал (концертал) кьезе ине 2) *перен.* хъулхъал хисизе

ГАСТРОНО́М *м* 1) (*знаток пищи*) тIагIамал квенал лъалев, гьезие къимат кьезе лъалев чи 2) (*магазин*) гастроном (*кванагьекъолел жалазул тукен*)

ГАСТРОНОМИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое гастрономияб (*кванагьекъолеб жо жаниб бичулеб*); **~ магази́н** гастрономияб тукен

ГА́УБИЦА *ж воен.* гаубица (*гIарадаялъул цо тайпа*)

ГАУПТВА́ХТ//А *ж* гауптвахта (*аскаралъул чагIи жанир тIамулеб бак1)*; **посади́ть на ~у** гауптвахтаялъув тIамизе

ГА́ФНИЙ *м* гафний (*хим. элемент, металл*)

ГАШЁН//ЫЙ, -ая, -ое: **~ая и́звесть** билъараб, тIаде лъим тIураб гач

ГАШИ́Ш *м* гашиш; **кури́ть ~** гашиш цIазе (бухIизе)

ГАШУ́, ГА́СИШЬ *и т. д. наст. от* **гаси́ть**

ГВАЛТ *м разг.* хъуй, гъавгъа, гьаркьал; **подня́ть ~** хъуй бахъинабизе

ГВАРДЕ́ЕЦ *м* гвардиялъулав

ГВАРДЕ́ЙСК//ИЙ, -ая, -ое гвардиялъул(аб), гвардияб; **~ое зна́мя** гвардиялъул байрахъ; **~ая диви́зия** гвардияб дивизия

ГВА́РДИ//Я *ж* гвардия (*мIаса рищарал бищунго лъикIал аскарал*); **~и майо́р** гвардиялъул майор ◊, **Кра́сная ~я** БагIараб гвардия; **ста́рая ~я** ишалъулъ хIал бихьарал хIалтIухъаби

ГВОЗДИ́КА[1] *ж* (*цветок*) гвоздика (*тIегь*)

ГВОЗДИ́КА[2] *ж* (*пряность*) михикI (михIикI)

ГВОЗДИ́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое михикIалъул; **~ое ма́сло** михикIалъул нах

ГВОЗД//Ь *м* магI; **вколоти́ть ~ь** магI чIвазе; **~ь програ́ммы** программаялъул аслияб (бищунго интересаб) номер; **и никаки́х ~ей!** лъугIана! тIокIаб кIалъазе ккеларо! гIела!

ГДЕ 1. *нареч.* 1) *вопр.* киб; **~ вы бы́ли?** нуж кир рукIарал? 2) *неопр.* кибниги; **поищи́, не потеря́л ли ~** кибниги билун гьечIищали, хал гьабе 3) *относ.:* **дом, ~ я роди́лся** дун жанив гьавураб рукъ **2.** *в знач. частицы* киб; **~ ему́ подня́ть мешо́к муки́** киб досда кIолеб ханждал къандалъо борхизе; **где бы то ни́ было** киб букIаниги (батаниги, бугониги)

ГДЕ́-ЛИБО *см.* **где́-нибудь**

ГДЕ́-НИБУДЬ *нареч.* киб бугониги (букIаниги), кибехун бугониги (букIаниги), кибниги; **~ побли́зости** кибниги аскIоса гIебеде

ГДЕ́-ТО *нареч.* кибалиго; **~ разда́лся вы́стрел** кибалиго къвагьи бахъана; **~ в друго́м ме́сте** кибалиго батIияб бакIалда

ГЕГЕМО́Н *м* гегемон (*бетIерлъи, цебехъанлъи гьабулеб, нухмалъи кьолеб къуват, цебехъан*)

ГЕГЕМО́НИЯ *ж* гегемония (*бетIерлъи, цебесеб бакI кквей, цебехъанлъи*); **~ пролетариа́та** пролетариаталъул гегемония (цебехъанлъи)

ГЕ́ЙЗЕР *м* гейзер (*бухIараб лъел ицц, мех-мехалда эхеде речIчIарулеб ицц*)

ГЕКТА́Р *м* гектар (*10000 квадратияб метр бугеб ракьалъул площадь*)

ГЕКТО- гекто- (*журарал рагIабазул «нусго » абураб магIна кьолеб тIоцебесеб бутIа*)

ГЕКТОВА́ТТ *м эл. г*ектоватт, нусго ватт

ГЕКТО́ГРАФ *м* гектограф (*квералъ хъвараб яги машинкаялъ кьабураб жоялъул гIемер копиял гьарулеб алат*)

ГЕ́ЛИЙ *м* гелий (*хим. элемент, газ*)

ГЕМАТО́МА *ж* тункараб бакIалда гъоркь би ккей (би данде бакIарараб бакI)

ГЕМОГЛОБИ́Н *м физиол.* гемоглобин

ГЕМОРРО́Й *м мед.* геморрой, бавасур

ГЕН *м биол.* ген (*гIадамазул, хIайваназул, гъветI-хералъул тIабигIиял хасиятал жинца цIунулеб, гьел ирсалъе кьолеб жо*)

ГЕНЕОЛОГИ́ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое генеалогияб, генеалогиялъул(аб), тайпаялъул (тухумалъул) историялда хурхараб; **~ое родство́** тухумияб гIагарлъи; **~ая табли́ца** генеалогияб таблица, тайпаялъул (тухумалъул) историялъул таблица

ГЕНЕАЛО́ГИЯ *ж* генеалогия, тайпаялъул (тухумалъул) тарих (история); хIайваназул, гъветI-хералъул тайпаби лъугьин

ГЕНЕРА́Л *м* генерал; **~ а́рмии** армиялъул генерал

ГЕНЕРАЛИ́ССИМУС *м* генералиссимус (*рагъухъанасул бищун тIадегIанаб цIар ва гьеб цIар бугев чи*)

ГЕНЕРАЛИТЕ́Т *м собир.* генералитет, генералал, армия-лъул тIадегIанаб командование, аскаралъул бутIрул

ГЕНЕРА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое генералияб, бетIераб; **~ая ли́ния** партии партиялъул генералияб (бетIераб) нух; **~ая репети́ция** генералияб (ахирисеб) репетиция; **~ая убо́рка** генералияб бакIа-бахари (рагIа-ракьанде щвараб)

ГЕНЕРА́ЛЬСКИЙ, -ая, -ое генераласул(аб); **~ чин** генераласул чин

ГЕНЕРА́ТОР *м тех.* генератор (*механикияб энергия электрикияб энергиялде буссинабулеб алат);* **~ переме́нного то́ка** хисарулеб токалъул генератор;

ГЕНЕ́ТИК *м* генетик, генетикаялъул специалист

ГЕНЕ́ТИКА *ж* генетика (*организмабазул ирсилал хасиятал ва гьел хисулеб куц лъазабулеб гIелму*)

ГЕНЕТИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое генетикияб

ГЕНИА́ЛЬНОСТЬ *ж* гIорхъолъа ун гьунар, гIакълу тIокIлъи; гIорхъолъа араб гIакълу-гьунар

ГЕНИА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое цIакъ гIакъилаб; **~ый учёный** цIакъ гIакъилав, гьунар бергьарав гIалимчи; **~ая иде́я** цIакъ гIакъилаб идея (пикру); гениясе хасиятаб

ГЕ́НИЙ *м* гений (I *творчествоялъе бищун тIадегIанаб гIакълу, гьунар, бажари букIин* 2 *гьединаб гьунар бугев чи*)

ГЕНШТА́Б *м* (*генеральный штаб*) генштаб (*генералияб штаб*)

ГЕО- *журарал рагIабазулъ «ракь» абураб магIна кьолеб тIоцебесеб бутIа, мас.:* **геофи́зика** ракьалъул физика; **геохи́мия** ракьалъул химия

ГЕО́ГРАФ *м* географ, географиялъул специалист

ГЕОГРАФИ́ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое географиялъул(аб); **~ая ка́рта** географиялъул карта

ГЕОГРА́ФИЯ *ж* география (*ракьалъул тIасияб рахъ, тIабигIаталъул шартIал, экономикиял бечелъаби лъазабулеб гIелму; ракьалда, цо районалда ва гь. ц. цIибниги тIибитIун бугеб куц лъазаби*)

ГЕОДЕЗИ́СТ *м* геодезист, геодезиялъул специалист

ГЕОДЕЗИ́ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое геодезияб, геодезиялъул(аб); **~ие инструме́нты** геодезиялъе хIажатал алатал

ГЕОДЕ́ЗИЯ *ж* геодезия (*ракьалъул форма, роцен, гьелъул планал рахъиялъул иш лъазабулеб гIелму*)

ГЕО́ЛОГ *м* геолог, геологиялъул специалист

ГЕОЛОГИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое геологияб, геологиялъул(аб)

ГЕОЛО́ГИЯ *ж* геология (*ракьул тIасияб хъалалъул гIуцIи, гьелъул тарих, ракьулъа магIданал рахъиялъул къагIидаби лъазарулеб гIелму*)

ГЕОЛОГОРАЗВЕ́ДКА *ж* (*ракьулъ ругел*) магIданал ралагьи, гьел ругеб бакI лъазаби

ГЕО́ЛОГОРАЗВЕ́ДОЧН//ЫЙ, -ая, -ое магIданал ралагьулеб; **~ые рабо́ты** магIданал ралагьиялъул хIалтIаби

ГЕОМЕТРИ́ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое геометрияб, геометриялъу-л(аб); **~ая зада́ча** геометриялъул масъала

ГЕОМЕ́ТРИЯ *ж* геометрия

ГЕОРГИ́Н *м бот.* георгин (картошкатIегь)

ГЕОФИ́ЗИКА *ж* геофизика (*ракьалъул гIуцIи физикиял къагIидабаздалъун лъазабулеб гIелму*)

ГЕОФИЗИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое геофизикияб; **~ год** геофизикаялъул сон

ГЕОХИМИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое геохимиялъул(аб)

ГЕОХИ́МИЯ *ж* геохимия (*ракьалъул химиялъулаб гIуцIи лъазабулеб гIелму*)

ГЕРА́ЛЬДИКА *ж* геральдика (*гербал лъазарулеб тарихияб гIелму*)

ГЕРА́НЬ *ж бот.* герань (*рокъоб гIезабулеб тIанхазда махIги бугеб тIегь*)

ГЕРБ *м* герб; **госуда́рственный ~** пачалихъияб герб

ГЕРБА́РИЙ *м* гербарий (*ракъвазарун данде гьарурал хурдул)*

ГЕРБИЦИ́ДЫ *мн.* (*ед.* **гербици́д** *м*) *хим.* гербицидал (*чIар тIагIинабизе хурзабахъ хIалтIизабулеб химиялъулаб дару*)

ГЕ́РБОВ//ЫЙ, -ая, -ое гербалъул(аб), герб тIад бугеб; **~ая бума́га** герб тIад бугеб кагъат; **~ая ма́рка** герб тIад бугеб марка; **~ая печа́ть** герб бугеб печать (мугьру)

ГЕРКУЛЕ́С *м* 1) (*силач*) геркулес, бергьун къуватав чи 2) (*крупа*) геркулес (*нехадул курпаялъул цо тайпа*)

ГЕРКУЛЕ́СОВЫЙ, -ая, -ое цIикIкIараб гучалъул, къуват бергьараб, цIакъ къуватаб (кутакаб)

ГЕРМА́НИЙ *м* германий (*хим. элемент, металл*)

ГЕРМА́НСК//ИЙ, -ая, -ое 1) *ист., лингв.* германиязул(аб); **~ие языки́** германиязулал мацIал 2) (*немецкий*) немцазул

ГЕРМАФРОДИ́Т *м* гермафродит (*бихьинлъиги цIулъиги бугев гIадан*)

ГЕРМЕТИ́ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое герметикияб (*газ, лъамалъи жанибе унаредухъ гъункараб*); **~ий сосу́д** герметикияб хъаба (*рагI, гиби, шиша ва гь. ц.*); **~ая заку́порка** герметикияб куцалда кIалтIу щула гьаби

ГЕРОИ́ЗМ *м* бахIарчилъи, багьадурлъи, **~ трудя́щихся масс** захIматхалкъалъул бахIарчилъи; **трудово́й ~** захIматалъулаб багьадурлъи

ГЕРО́ИКА *ж* бахIарчилъи, *сундулниги, щибниги* ишалъул бахIарчияб рахъ (магIна, хIасил); **~ на́ших дней** нилъер заманалъул бахIарчилъи (бахIарчияб рахъ)

ГЕРОИ́НЯ *ж* героиня (I *герой – чIужугIадан* 2 *литературияб асаралда жаниб бищунго цебесеб бакI кколей чIужугIадан*); ◊ **мать-** ~ бахIарчияй эбел

ГЕРОЙ́ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое бахIарчияб; **~ий наро́д** бахIарчияб халкъ; **~ий посту́пок** бахIарчияб иш; **~ая борьба́** бахIарчияб къеркьей

ГЕРО́//Й *м* 1) бахIарчи, багьадур, **~и Вели́кой Оте́чественной войны́** КIудияб ВатIанияб рагъул бахIарзал 2) (*действующее лицо*) герой; **~й рома́на** романалъул герой

ГЕРО́ЙСКИЙ, -ая, -ое бахIарчиясулаб, бахIарчияб; **~ по́двиг** бахIарчияб (бахIарчиясулаб) гьунар

ГЕРО́ЙСТВО *с* бахIарчилъи, багьадурлъи; **прояви́ть ~** бахIарчилъи бихьизабизе

ГЕРЦ *м физ.* герц (*хьвагIиялъул, сородиялъул роцен*)

ГЕ́РЦОГ *м* герцог (*БакъатIерхьул Европаялда дворяназе кьолеб букIараб тIадегIанаб цIар*)

ГЕРЦОГИ́НЯ *ж* герцогиня (*герцогасул чIужу яги яс*)

ГЕ́РЦОГСКИЙ, -ая, -ое герцогасул(аб)

ГЕ́РЦОГСТВО *с* 1) (*титул герцога*) герцоглъи 2) бетIералда герцог вугев федералияб пачалихъ

ГЕСТА́ПО *с нескл.* гестапо (*фашистазулаб Германиялда балъгояб полиция*)

ГЕСТА́ПОВЕЦ *м* гестапоялъулав

ГЕ́ТМАН *м* гетман (1 *некIо Украиналда казакул бетIер ва бищун кIудияв хIаким* 2 *некIо Польшаялда тIадегIанав командующий*)

ГЕ́ТР//Ы *мн.* (*ед.* **~а** *ж*) гетраби, хинал зангалал

ГЕСТА́ПО *с нескл.* гестапо (*фашистазулаб Германиялда балъгояб полиция*)

ГИ́БЕЛЬ[1] *ж* хвей, хвел, чIунти, гъури, тIагIин; **~ самолёта** самолет, гIодобе бортун, хвей; **идти́ на ве́рную ~** лъалаго хвалде ине

ГИ́БЕЛЬ[2] *ж разг.* (*множество*) цIакъ гIемераб жо, *сундулниги* цIакъ цIикIкIараб, рикIкIун хIал кIолареб, хIаталдаса араб къадар; **там ~ комаро́в** доба рикIкIун хIал кIоларебгIан гIемераб кIкIара буго

ГИ́БЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое хвалде цIалеб (рачунеб, унеб), пасалъи ккезабулеб; **~ый шаг** хвалде тIамулеб гали; **~ые после́дствия** пасатал хIасилал

ГИ́БК//ИЙ, -ая, -ое 1) хьетIулеб, бигьаго гьетIизабизе кIолеб; гьетIизабуни, рукIалиде бачIунеб; **~ая ве́тка** гьетIизабизе кIолеб
гIаркьел 2) *перен.* лебалго, хехго, шартIазда рекъон, хIалтIизабун бажарулеб; **~ий го́лос** хисаризабизе кIолеб гьаракь; **~ая поли́тика** шартIазда рекъон гьабулеб политика

ГИ́БКОСТЬ *ж* 1) (*упругость*) хьетIун бачIин, хьетIухъе чIунгутIи 2) *перен.* лебалго, бажарун, шартIазда рекъон, хIалтIун бажари

ГИ́БЛ//ЫЙ, -ая, -ое *разг.* тIубан биххизе, тIагIине, хвезе бугеб, жо кколареб; **~ое де́ло** хIасил кколареб иш; **~ое ме́сто** биххизе, хвезе бугеб бакI

ГИ́БНУТЬ *несов.* 1) *от чего* хвезе, тIагIине; **~ от моро́за** квачан хвезе 2) *за что*: **~ за оте́чество** ватIаналъе (инсухъ-лъиялъе) гIоло хвезе; **~ за незави́симость страны́** улка чияда бачIеблъун букIиналъе (эркенлъиялъе) гIоло хвезе

ГИБРИ́Д *м* гибрид (*батIи-батIиял тайпаби журан лъугьараб хIайван яги гъветI-хер*)

ГИБРИДИЗА́ЦИЯ *ж* гибридлъизаби, кIиго тайпа жубан, цIияб жинс (тайпа) бижизаби

ГИБРИ́ДН//ЫЙ, -ая, -ое гибридияб, гибридалъул(аб); **~ые семена́** гибридиял хьонал

ГИГА́НТ *м* 1) (*великан*) залим (*кIудияб къаркъала бугев чи*) 2) (*большое предприятие*) **заво́д- ~** цIакъ кIудияб завод; **совхо́з- ~** цIакъ кIудияб совхоз

ГИГА́НТСК//ИЙ, -ая, -ое цIакъ (бергьун, гIорхъолъа ун) кIудияб (чIахIияб, гучаб, кутакаб); **пе́ред на́ми стоя́т ~ие зада́чи** нилъеда цере чIун руго бергьун чIахIиял масъалаби; **~ие уси́лия** цIакъ кIудиял къуватал; **~ие шаги́** цIакъ кIудиял бергьенлъаби; **дви́гаться вперёд ~ими шага́ми** чIахIиял бергьенлъабиги росулаго, церехун ине

ГИГИЕ́Н//А *ж* гигиена (*сахлъи цIуниялъе гьарулел тадбирал*) **соблюда́ть пра́вила ~ы** гигиенаялъул къагIидаби цIунизе; **~а трудá** хIалтIулъ цIунизе кколеб гигиена

ГИГИЕНИ́ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое гигиенаялъул(аб); **~ие пра́вила** гигиенаялъул къагIидаби (правилаби)

ГИГИЕНИ́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое гигиенаялда (сахлъи цIуниялъул къагIидабазда) рекъараб; **~ая оде́жда** гигиенаялъе данде кколеб ретIел

ГИГРО́ГРАФ *м физ.* гигрограф (*гьаваялда гъорлъ бугеб регьелалъул къадар хъвалеб алат*)

ГИГРО́МЕТР *м физ.* гигрометр (*гьаваялда гъорлъ бугеб рагьлил къадар борцунеб алат*)

ГИГРОСКО́П *м* гигроскоп (*гьаваялда гъорлъ бугеб рагьлил даража-къадар берда бихьизабулеб алат*)

ГИГРОСКОПИ́ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое гьаваялдаса регьел гъорлъе цIалеб; **~ая ва́та** бацIцIад гьабураб, бигьаго регьел цIалеб медицинаялда хIалтIизабулеб квасквас (пампа)

ГИД *м* гид (*туристазда берцинал бакIал, нух бихьизабулев чи*)

ГИДРА́ВЛИКА *ж* гидравлика (*лъел цIайи бащалъиялъул, чвахиялъул, гьелъул законал практикаялда хIалтIизариялъул бицунеб гIелму*), лъелгIелму

ГИДРАВЛИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое лъамалъиялъул тIадецIуялъ хIалтIизабулеб

ГИДРА́Т *м хим.* гидрат (*металлазулги, оксидазулги, лъелги химияб цолъи*)

ГИДРО- *журарал рагIабазул бетIералда "лъим"* ("*лъел*") *абураб магIна кьолеб бутIа, мас.:* **гидрогеоло́гия** лъел геология

ГИДРОБИОЛО́ГИЯ *ж* гидробиология (*лъелъ рукIунел организмабазул гIумру лъазабулеб гIелму*)

ГИДРОГЕНЕРА́ТОР *м* гидрогенератор (*лъел къуват электроэнергиялде сверизабулеб машина* (*генератор*)

ГИДРОГЕОЛО́ГИЯ *ж* гидрогеология (*ракьалда гъоркь ругел лъиназул лъугьин, хасиятал лъазарулеб гIелму*), лъел геология

ГИДРО́ГРАФ *м* гидрограф, гидрографиялъул специалист

ГИДРОГРА́ФИЯ *ж* гидрография (*ракьалда тIад лъинал тIиритIун ругеб куцалъул, гьезул хасиятазул бицунеб гидрогеологиялъул бутIа*)

ГИДРОДИНА́МИКА *ж* гидродинамика (*данде къаларел лъамалъабазул багъарияльул* (*чвахиялъул*), *гьезулги къвакIарал жалазулги* (*тело*) *гьоркьоблъиялъул бицунеб гIелму*)

ГИДРО́ЛИЗ *м хим.* гидролиз (*журарал веществаби лъеда-лъун риххи*)

ГИДРО́ЛОГ *м* гидролог, гидрологиялъул специалист

ГИДРОЛОГИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое гидрологияб, гидрологиялъул(аб)

ГИДРОЛО́ГИЯ *ж* гидрология (*дунялалда тIад лъинал ругел бакIазул ва тIабигIаталда лъадал хиса-свериялъул бицунеб гIелму*)

ГИДРОМАССА́Ж *м* лъелмассаж (лъеца гьабулеб массаж)

ГИДРОПЛА́Н *м* гидроплан (*лъеда рещтIунеб, лъедаса боржунеб самолет*)

ГИДРОПО́НИКА *ж* гидропоника (*ракь гьечIого, растворазда хурдул гIезари*)

ГИДРОСАМОЛЁТ *м* гидросамолет (*лъеда рещтIунеб ва лъедаса боржунеб самолет*)

ГИДРОСТА́НЦИЯ *ж* гидростанция (*лъел электростанция*)

ГИДРОТЕРАПИ́Я *ж мед.* гидротерапия (*лъел кумекалда-лъун сахлъизари*)

ГИДРОТЕ́ХНИК *м* гидротехник

ГИДРОТЕ́ХНИКА *ж* гидротехника (*магIишаталда лъедаса, гьелъул къуваталдаса пайда босизе техника хIалтIизабиялъул бицунеб гIелму*)

ГИДРОТЕХНИ́ ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое гидротехникияб; **~ие рабо́ты** гидротехникиял хIалтIаби

ГИДРОТУРБИ́НА *ж* гидротурбина (*чвахулеб лъел къуват механикияб энергиялде буссинабулеб двигатель*)

ГИДРОУ́ЗЕЛ *м* гидроузел, гIемерал гидротехникиял гIу-цIаби

ГИДРОЭЛЕКТРОСТА́НЦИЯ *ж* гидроэлектростанция, лъел (лъеца хIалтIизабулеб) электростанция

ГИДРОЭНЕРГЕТИ́ ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое гидроэнергетикияб, лъел энергиялъулаб; **~ие ресу́рсы страны́** улкаялъул гидроэнергетикиял (лъел энергиялъулал) ресурсал (бечелъи)

ГИЕ́НА *ж* гиена, кафтарбацI (*югалъул авлахъазда букIунеб, балкан кванан гIумру гьабулеб гIалхул жанавар*)

ГИ́ЛЬЗА *ж* 1) гильза; **патро́нная ~** патроналъул гильза, къвагъараб патрон 2) (*папиросная*) папиросалъул гильза (*кагътил патрон*)

ГИЛЬОТИ́НА *ж* гильотина (*судалъ чIвазе хIукму гьабурав чиясул бетIер къотIун рехизе 1792 с. Францияльда гьабураб алат*)

ГИМН *м* 1) гимн; **госуда́рственный гимн** пачалихъалъул гимн 2) *поэт.* (*хвалебная песня*) гимн (*рецц-бакъалъул, рахьи баялъул кеч1)*; **поэ́ты слага́ют ~ы победи́телям** бергьаразе поэтаз (шагIираз) гимнал гьарула

ГИМНАЗИ́ СТ *м* гимназист, гимназиялъул цIалдохъан (*вас*)

ГИМНАЗИ́ СТКА *ж* гимназистка, гимназиялъул цIалдохъан (*яс*)

ГИМНА́ЗИЯ *ж* гимназия

ГИМНА́СТ *м* гимнаст

ГИМНАСТЁРКА *ж* гимнастерка

ГИМНА́СТИК//А *ж* гимнастика; **спорти́ вная ~а** спорталъулаб гимнастика; **худо́жественная ~а** художествияб гимнастика; **занима́ться ~ой** гимнастика гьабизе (гимнастикаялде хьвадизе)

ГИМНАСТИ́ ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое гимнастикаялъул(аб); **~ий зал** гимнастикаялъул зал

ГИМНА́СТКА *ж* гимнастка

ГИНЕКО́ЛОГ *м* гинеколог (*гинекологиялъул тохтир*)

ГИНЕКОЛОГИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое гинекологиялъул(аб); **~ кабине́т** гинекологиялъул кабинет

ГИНЕКОЛО́ГИЯ *ж* гинекология (*руччабазул унтабазул гIелму ва гьезие дару гьаби*)

ГИПЕ́РБОЛА[1] *ж лит.* гипербола (*щибниги жо, гIорхъолъа ун, кIодо гьабун бихьизаби*)

ГИПЕ́РБОЛА[2] *ж мат.* гипербола

ГИПЕРБОЛИ́ ЧЕСКИЙ, -ая, -ое *м* гиперболаялъул(аб)

ГИПЕРТОНИ́ ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое *мед.* гипертонияб; **~ая боле́знь** гипертонияб унти

ГИПЕРТОНИ́Я *ж мед.* гипертония (*бидурихьазда жаниб бидул тIадецуй цIикIкIин*)

ГИПНО́З *м* гипноз (*хасал къагIидабаздалъун, махщалида кIалъан, рекIее асар лъугьинабун, божизавун, тIуванго яги бащдав кьижизавурав чиясул хIал);* **лечи́ть ~ом** гипнозалдалъун сахлъизавизе

ГИПНОТИЗЁР *м* гипнотизер, гипноз гьабулев чи

ГИПНОТИЗИ́РОВАТЬ *несов. кого* гипнозалъулаб хIал лъугьинабизе (*лъилниги)*; божизавун, рекIее асар лъугьинабун, кьижизавизе

ГИПНОТИ́ЗМ *м* гипнотизм (I *гипнозалъул гIелму;* 2 *гипнозалъе махщел*)

ГИПНОТИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое гипнозалъулаб, гипнозияб; **~ сон** гипнозалъулаб (гипнозияб) макьу

ГИПО́ТЕЗ//А *ж* гипотеза (*тIубараб къагIидаялда чIезабун бахъинчIеб гIелмияб пикру; букIине рес бугеб, ракIалде кколеб жо*); **стро́ить ~ы** гипотезаби гIуцIизе

ГИПОТЕНУ́ ЗА *ж мат.* гипотенуза

ГИПО́ФИЗ *м анат.* гипофиз

ГИППОПОТА́М *м зоол* гиппопотам, бегемот

ГИПС *м* гипс (I *хъахIаб яги тIогьилаб кьералъул гачилаб минерал, ракь;* 2 *кIуркьараб, бекараб, борчIараб лага багъаричIого цIунизе буцун тIад чIараб ракь ва катан;* 3 *гьебго минералалъул гьабураб скульптурияб фигура*)

ГИПСОВА́ТЬ *несов. что* 1) *мед.* гипсалъулъ лъезе, гипс тIад чIвазе (къазе) 2) *с.-х.* гипс гьорлъ жубазе, гипсалъ ракь беэн гьабизе

ГИ́ПСОВ//ЫЙ, -ая, -ое 1) гипс гьорлъ бугеб; **~ые за́лежи** гипсалъул магIдан бугеб бакI 2) (*сделанный из гипса*) гипсалъул гьабураб; **~ая повя́зка** гипсгун цадахъ ругънада къараб катан

ГИППО́Р *м* гипюр (*кружевазул цIутIараб, понцIораб расен бугеб тайпа*)

ГИРЛЯ́НДА *ж* читIир (*тIугьдузул, хурдузул хьухьун гьабураб*); **~ цвето́в** тIугьдузул читIир

ГИ́ Р//Я *ж* 1) гиря; **пятикилограмме́вая ~я** щуго килограммалъул гиря; **поднима́ть ~ю** *спорт.* гиря борхизе 2) (*часов*) гиря (*сагIтил*)

ГИСТО́ЛОГ *м* гистолог (*гистологиялъул специалист*)

ГИСТОЛО́ГИЯ *ж* гистология (*инсанасул ва хIайваналъул тканазул гIуцIиялъул бицунеб гIелму*)

ГИТА́РА *ж* гитара

ГИТАРИ́ СТ *м* гитарист, гитарачи

ГИТАРИ́ СТКА *ж* гитаристка

ГЛАВ//А́[1] 1) *ж уст.* (*голова*) бетIер 2) *м* (*главное лицо*) бетIер; **~а́ семьи́** хъизаналъул бетIер; **~ы собо́ра** килисаялъул хъубаби; **во ~е́** *кого-чего* а) (*под руководством*) бетIералда *щивгунниги, лъилниги* нухмалъиялда гъоркь б) (*впереди*) цеве *щивгунниги*

ГЛАВА́[2] *ж* бетIер; **рома́н из шести́ глав** анлъго бетIералдаса данде гьабураб роман

ГЛАВА́РЬ *м* бетIер, цевехъан; **~ ша́йки** шайкаялъул бетIер; **~ мятежа́** мятежалъул бетIер

ГЛАВЕ́НСТВО *с* бетIерлъи, цевехъанлъи

ГЛАВЕ́НСТВОВАТЬ *несов. над кем-чем* бетIерлъи (цебехъанлъи) гьабизе

ГЛАВК *м* (*главное управление*) главк (*бетIераб управление*)

ГЛАВНОКОМА́НДУЮЩИЙ *м* бетIерав командующий; **~ сухопу́тными войска́ми** ракъдада рукIунел (ракъдалал) аскаразул бетIерав командующий

ГЛА́ВН//ЫЙ, -ая, -ое бетIераб, аслияб; **~ая у́лица** аслияб къватI; **~ый врач** бетIерав тохтир; **~ые си́лы** аслиял къуватал; **са́мое ~ое** бищунго аслияб; **вы не сказа́ли ~ого** аслияб жо дуца абичIо; **~ым о́бразом** аслияб куцалда; ◊ **~ое предложе́ние** *(грамм.)* бетIераб предложение

ГЛАГО́Л *м грамм.* глагол; **вспомога́тельный ~** кумекалъулаб глагол; **перехо́дный ~** бухьараб глагол

ГЛАГО́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое глаголияб, глаголалъул(аб); **~ое оконча́ние** глаголалъул ахир

ГЛАДИА́ТОР *м ист.* гладиатор (*некIсияб Рималъул циркалда живго гIадав рагъухъангун яги жанаваргун вагъулев вукIарав рагъухъан яги лагъ*)

ГЛАДИ́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое иту чIвалеб (бахъулеб); **~ая доскá** иту чIвалеб (бахъулеб) хъарщи; **~ый цех** иту чIвалеб (бахъулеб) цех

ГЛАДИО́ЛУС *м бот.* гладиолус (*mIегь*)

ГЛА́ДИТЬ *несов.* 1) *что* иту бахъизе; **~ бельё** бусадул къайиялда иту бахъизе 2) *кого-что* лъухьизе; квер бахъизе ◊ **~ по голóвке** бокьа-бокьараб гьабизе тезе; щиб гьабуниги, тIад рекъезе; *кого-л.* **~ прóтив шéрсти** *лъиданиги* рекIелъ рекъолареб жо абизе, *лъиениги* бокьулареб жо гьабизе

ГЛА́ДК//ИЙ, -ая, -ое 1) (*ровный*) цIвакараб, битIараб, битIабищараб, цокIалаб; **~ая кóжа** цIвакараб (битIа-бищараб) тIом 2) *перен.* чвахун бачIунеб; **~ая речь** чвахун бачIунеб калам ◊ **с негó взя́ тки ~и** гьесухъан (гьесдасан) щибниги щвеларо

ГЛА́ДКО *нареч.* 1) (*ровно*) цIвакун, цокIалго, битIа-бищун; **выстругáть дóску ~** хъарщи, сургу бан, цIвакизабизе, битIизабизе 2) *перен.* битIун, битIа-бишун, лъикI, чвахун; **всё идёт ~** кинабго бигьаго унеб буго; **он говори́т ~** гьев цIакъ бигьаго кIалъала (чвахун бачIуна)

ГЛАДКОСТВО́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое жаниса хIара цIвакараб, жаниб бурав бахъичIеб хIараялъул; **~ое ружьё** жаниса хIара цIвакараб (бурав бахъичIеб) туманкI

ГЛА́ДКОСТЬ *ж* цIваки, битIа-бищи, цокIаллъи; **~ сти́ля** стилалъул цокIаллъи

ГЛАДЬ[1] *ж* (*водная поверхность*) лъел битIараб гьумер; **морскáя ~** ралъдал битIараб гьумер ◊ **тишь да ~** парахатаб, ургъел гьечIеб гIумру

ГЛАДЬ[2] *ж* (*вышивка*) гъункараб угьин (*угьиналъул цо къагIида*); **вышивáть ~ю** гъункараб угьин гьабизе, гъункун угьинзе

ГЛАЖЕ́НИЕ *с* иту бахъи (чIвай); лъухьи

ГЛАЗ *м* 1) бер; **голубы́ е ~á** канчIхъахIилал (цIикарал) берал 2) *мн.* **~á** (*зрение*) канлъи, берал; **у негó хорóшие ~á** досул берал лъикIал руго, досул канлъи бихьи лъикIаб буго, досда канлъи лъикI бихьула 3) (*надзор*) халкквей, хъаравуллъи, тIаде балагьи; **тут нýжен ~ да ~** гьаниб лъикIаб халкквей (хъаравуллъи) кьваригIуна ◊ **дурнóй ~** бербай, берккей; **óстрый ~** цIодорад бер; **с ~у** чи гьечIеб бакIалда, бадиса бадибе; **~ом не моргнýв** бер къапи-чIого, хIинкъичIого, сундулго пикру гьабичIого; **смотрéть в óба ~** кIвар кьун балагьизе, цIодорго вукIине; **кудá ~а глядя́т** бокьаралъуве, бокьараб рахъалде; **невооружённым глáзом** гIадатаб бералъ, щибго къо бихьичIого; **за ~á** нахъасан (гаргадизе); **сказáть в ~á** бадибе абизе; **как бельмó на ~ý** бадив къан вукIине, квалквал гьабизе, хIал бачIинабизе

ГЛАЗА́СТЫЙ, -ая, -ое *разг.* 1) (*большеглазый*) берал чIа-хIияв, берал чIваркьарав 2) берал цIодорав 3) (*бросающийся в глаза*) бадибе рехулеб *(канчIаб, гвангъараб)*

ГЛАЗЕ́ТЬ *несов. на кого-что разг.* интерес ккун, *лъихъниги сундухъниги* балагьизе

ГЛАЗНИ́ К *м разг.* беразул тохтир

ГЛАЗН//О́Й, -ая, -ое бер(а)зул(аб); **~ые болéзни** беразул унтаби; **~ой врач** беразул тохтир; **~ое я́ блоко** *анат.* берзул горо, (тIубараб) бер

ГЛАЗО́К *м* 1) (*мн.* **гла́зки**) гьитIинаб бер 2) (*мн.* **гла́зки**) гургинал тIанкIал (*хIанчIазда, хIутI-хъумуралда*) 3) (*мн.* **гла́зки**) *бот.* бекI тилъулеб горо 4) глазок (*рукъалъул нуцIида балагьизе тараб каратI, бер*)

ГЛАЗОМЕ́Р *м* бералдалъун манзил борцин, *гьедин* манзил борцине бугеб гьунар; **хорóший ~** бералдалъун манзил борцине бугеб лъикIаб гьунар

ГЛАЗУ́ НЬЯ *ж* (*яичница*) хайгин (*хоно жубазабичIого гьабураб*)

ГЛАЗУ́ РЬ *ж* 1) (*на посуде*) глазурь, сир (*цIвакизе шагIил цIарагIалда тIаде биччалеб)*; **~ осы́палась** сир тIаса гъун ана 2) (*сахарный сироп*) гьализабун бакъвалъараб чакаралъул лъим (гьоцIо, сироп)

ГЛА́НД//Ы *мн. анат.* (*ед.* **~а** *ж*) щокърол гарцIцIал

ГЛАСИ́ //ТЬ *несов. что* бицине, абизе, лъазабизе; **письмó ~т** кагътица бицунеб буго; **закóн ~т …** законалъ абулеб буго … ; **как ~т послóвица** кициялъ абухъе

ГЛА́СНОСТЬ *ж* загьирлъи, рагъун бицин, рагъараб букIин, тIатараблъун (загьираблъун) букIин; **предáть ~и** загьирлъизабизе

ГЛА́СН//ЫЙ,[1] -ая, -ое *лингв.* **1.** рагъараб; **~ые звýки** рагъарал гьаркьал **2.** *в знач. сущ.* **~ый** *м* **~ая** *ж* рагъараб (гьаракъ); **~ые перéднего ря́ да** цебесеб кьералъул рагъарал гьаркьал

ГЛА́СНЫЙ,[2] -ая, -ое тIатараб, загьираб, рагъараб; **~ суд** рагъараб суд

ГЛАУКО́МА *ж мед.* глаукома (*беразда жаниб, тIадецуй цIикIкIун, лъугьунеб унти*)

ГЛАША́ТАЙ *м* 1) *ист.* гIакIа ахIулев чи, гIел 2) *перен.:* **~ и́ стины** хIакъикъат лъазабулев чи, хIакъикъияб (битIараб) бицине кIолев чи

ГЛЕ́ТЧЕР *м* цIорол мегIер, цIорол гохI

ГЛИ́ Н//А *ж* хIатI, хIатIракь; **крáсная ~а** багIараб щегI гьабулеб хIатIракь; **обмáзывать ~ой** сверун хIатI бахине, жужазе

ГЛИ́ НИСТ//ЫЙ, -ая, -ое хIатIхIалаб, хIатI гъорлъ бугеб, хIатIулъе ккараб; **~ая пóчва** хIатIхIалаб ракь

ГЛИНОБИ́ТН//ЫЙ, -ая, -ое хIатIулъе накку, сали, сум, чабах жубан, гьабулеб; **~ая стенá** хIарщукъед

ГЛИ́НЯН//ЫЙ, -ая, -ое хIатIул(аб), хIатIул гьабураб; **~ая посýда** щагIил цIарагI

ГЛИ́ ССЕР *м* глиссер (*mIинуги битIараб mIадагьаб хехаб гама*)

ГЛИСТ *м* цунтур; **лéнточные ~ы** чIоло гIадал цунтрал

ГЛИСТОГО́НН//ЫЙ, -ая, -ое цунтрал рачIинарулеб, тIагIинарулеб; **~ые срéдства** цунтрал тIагIинарулел дараби, цунтразул дараби

ГЛИЦЕРИ́ Н *м* глицерин

ГЛИЦЕРИ́ НОВЫЙ, -ая, -ое глицериналъул(аб)

ГЛО́БУС *м* глобус

ГЛОДА́ТЬ *несов.* 1) *что* хъарсизе, букъизе; **собáка глóжет кость** гьойца ракьа букъулеб буго 2) *кого перен.* рекIее гIакъуба кьезе; **меня́ глóжет тоскá** чIалгIеналъ дие гIакъуба кьолеб буго

ГЛОТА́ТЬ *несов. кого-что* къулчIизе; **~ молокó** рахь къулчIизе ◊ **~ слёзы** магIу къулчIизе (бачIунеб гIоди гьукъизе); **~ словá** рагIаби къулчIизе (*гаргадулаго*)

ГЛО́ТК//А *ж* 1) *анат.* мукъулукъ; **заболевáние ~и** мукъулукъалъул унти 2) *разг.* (*горло*) шекъер ◊ **взять за ~** шекъер кквезе; **драть ~у** гIергIедизе

ГЛОТНУ́ ТЬ *однокор. к* **глотáть**

ГЛОТ//О́К *м* къулчIи, къулчIараб къадар (*сундулниги*); **сдéлать ~ок** цо нухалъ къулчIизе; **вы́пить в два ~ка** кIицIул къулчIун, гьекъон бахъинабизе

ГЛО́ХН//УТЬ *несов.* 1) (*терять слух*) гIинкълъизе 2) (*о моторе*) чIезе, свине 3) (*о звуках*) сасине; **шум постепéнно ~ет** хъуй дагь-дагькkун сасина 4) (*зарастать*) чIараца гъанкъизе, гъоркь кIкIвазабизе; **сад без ухóда ~ет** ах, хъулухъ гьабичIого, чIараца гъанкъулеб буго

ГЛУБИН//А́ *ж* 1) гъварилъи; **измерéние ~ы** гъварилъи борцин; **морскáя ~а** ралъдал гъварилъи 2) жанибегIан ккараб бакI; **в ~е сáда** ахикь жанибегIан 3) *перен.* магIнаялъул бечелъи, гъварилъи; **~а мы́ сли** пикруялъул гъварилъи; **~а чувств** рекIел асаразул гъварилъи ◊ **в ~е души́** рекIел сукIалабазда жаниб, рекIел гъварилъиялда; **в ~е векóв** некIсиял заманазда, цересел гIасрабазда

ГЛУБИ́ НН//ЫЙ, -ая, -ое 1) гъварилъиялъулаб; **~ый лов ры́ -бы** гъварилъиялъулаб ччугIа кквей (гъварилъуда ччугIа кквей) 2) (*отдаленный*) рикIкIадаб; **~ые райóны страны́** улкаялъул рикIкIадал районал

ГЛУБО́К//ИЙ, -ая, -ое 1) гъваридаб; **~ ий колóдец** гъваридаб гъуй; **~ая тарéлка** гъваридаб гъадаро; **~ая рекá** гъваридаб гIор 2) *перен.* гъваридаб, кутакаб; **~ий ум** кутакаб (гъваридаб) гIакълу; **~ая тáйна** кутакаб балъголъи; **~ий стари́к** цIакъ херав чи; **~ая óсень** лъугIулеб бугеб хасалихълъи

ГЛУБОКО́ *нареч.* **1.** гъваридго **2.** *перен.* (*сильно*) цIакъ, кутакалда; **~ пережива́ть** кутакалда ургъел гьабизе, захIмалъизе **3.** *в знач. сказ. безл.* гъварид(го) буго; **здесь ~** гьаниб гъварид(го) буго

ГЛУБОКОВО́ДН//ЫЙ, -ая, -ое 1) лъим гъваридаб; **~ая рекá** гъваридаб гIор 2) гъваридго лъелъ букIунеб; **~ые ры́ бы** гъваридго лъелъ рукIунел ччугIби, лъадал гъварилъуда рукIунел ччугIби

ГЛУБОКОМЫ́СЛЕННЫЙ, -ая, -ое гъваридаб гIакълуялъул (пикруялъул), гIакълу (пикру) гъваридаб; **~ый челове́к** гIакълу (пикру) гъваридав чи; **~ое выска́зывание** гъваридаб пикру, магIна гъваридаб калам; **с ~ым ви́ дом** *шутл.* кIвар бугеб (гIакълу гъваридаб) ххвел гьабун, гъваридал пикрабалъ вугев гIадин, гIакъилаб куц гьабун

ГЛУБОКОМЫ́ СЛИЕ *с* гъваридаб пикру (магIна) буголъи

ГЛУБЬ *ж см.* **глубина́**[2]

ГЛУМИ́ТЬСЯ *несов. над кем-чем* (*издеваться*) хIакъир гьабизе, инжит гьавизе, тIад велъизе

ГЛУМЛЕ́НИЕ *с* хIакъир гьави, инжит гьави, тIад велъи

ГЛУПЕ́ТЬ *несов.* ахIмакълъизе, гьаглъизе, гIадаллъизе

ГЛУПЕ́Ц *м* ахIмакъ, гIабдал, гьагула

ГЛУ́ ПО 1. *нареч.* гIантго, ахIмакъго; **шути́ л он ~** дос махсара гIантго гьабулеб букIана **2.** *в знач. сказ. безл.* гIантго (ахIмакъго) буго; гIантаб (ахIмакъаб) иш буго; **э́ то ~** гьеб ахIмакъаб иш буго

ГЛУПОВА́ТЫЙ, -ая, -ое ахIмакъмахIав, гIантмахIав

ГЛУ́ ПОСТ//Ь *ж* 1) ахIмакълъи, гIантлъи 2) ахIмакъаб (гIантаб) иш (ргIи); **сказа́ть ~** ахIмакъаб ргIи абизе; **де́лать ~и** ахIмакъал (гIантал) жал гьаризе

ГЛУ́ ПЫЙ, -ая, -ое ахIмакъаб, гIантаб; **~ челове́к** ахIмакъав (гIантав) чи; **зада́ть ~ вопро́с** гIантаб суал къезе

ГЛУХА́РЬ *м* 1) (*птица*) гIанхва 2) *разг. шутл.* (*глухой человек*) гIанхва

ГЛУХ//О́Й, -а́я, -о́е 1) гIинкъаб; **~о́й на одно́ у́хо** цояб гIин гIинкъав; **~о́й от рожде́ния** ургьисаго (гьавуралдасаго) гIинкъав 2) (*отдаленный*) рикIкIадаб; **~ая у́лица** рикIкIадаб къватI 3) (*сплошной, без отверстий*) **~ая стена́** горду-нуцIа гьечIеб къед 4) *перен.* (*неотзывчивый*) хIалае чIоларев (ватуларев), кумекалъе ватуларев (щоларев), чияр къварилъи (зигар) ргIуларев ◊ **~о́й согла́сный звук** *лингв.* гъугъаб гьаркьикъаб гьаракь

ГЛУХОНЕМ//О́Й, -а́я, -о́е 1) гIинкъав ва мацI лъаларев; **~о́й ребёнок** гIинкъаб ва мацI лъалареб лъимер 2) *в знач. сущ.* **~о́й** *м*, **~а́я** *ж* гIинкъав ва мацI лъаларев; **шко́ла для ~ы́х** гIинкъазе ва мацI лъаларезе школа

ГЛУХОТА́ *ж* гIинкълъи, гъугълъи

ГЛУШИ́ТЕЛЬ *м тех.* глушитель (*хъуй гIодоцинабулеб, гъугълъизабулеб алат*); **~ автомаши́ны** автомашинаялъул глушитель

ГЛУШИ́ ТЬ *несов.* 1) *кого-что* гIадхазабизе, лъавудаса (бичIчIалдаса) инабизе; **~ ры́бу** чугIа гIадхазабизе 2) *что* (*заглушить*) чIезабизе, свинабизе; **~ мото́р** мотор чIезабизе, свинабизе 3) *что* (*не давать расти*) гIезе биччангутIизе, гьанкъизе (*мас. гъветI, хер, ах*); **сорняки́ глу́шат посе́вы** хурзал чIараца гьан-къулел руго 4) *что разг.* гIемер гьекъезе (*гIаракъи ва ц.*); **~ во́дку** гIемер гIаракъи гьекъезе 5) *что перен.* (*подавлять*); **~ инициати́ву** жигар (жигарчилъи) къинабизе

ГЛУШ//Ь *ж* 1) рикIкIадаб, гIадамал щолареб бакI; **леснáя ~** рохьил рикIкIадаб гIадамал щолареб бакI 2) (*захолустье*) тохаб (ргIа-ракьанде ккараб, культуриял центраздаса тIураб) бакI; **жить в ~и** тохаб бакIалда гIумру гьабизе

ГЛЫ́БА *ж* кIудияб гамачI (тIел); **~ льда** цIорол кIудияб тIел

ГЛЮКО́ЗА *ж биохим.* глюкоза

ГЛЯДЕ́//ТЬ *несов.* 1) *на кого-что* (*смотреть*) балагьизе; **при́ -стально ~ть** кIвар кьун (бер тIаса босичIого) балагьизе 2) *на что* (*быть обращенным в какую-л. сторону*) буссун, балагьун букIине; **о́кна глядя́ т на юг** гордал югалдехун руссун (ралагьун) руго 3) *за кем-чем разг.* хал (хъаравуллъи) гьабизе (кквезе) ◊ **~ть за детьми́** лъималазда хадуб хал ккезе 4) (*выглядывать*) баккизе; **из-за туч уже́ ~ло со́лнце** накIкIазда нахъасан бакъ баккун бачIана ◊ **~ть в о́ба** цIодорго вукIине; **на́ ночь гля́дя** сардилъ кватIараб гIужалда; санагIалъи гьечIеб кватIараб заманалда; **куда́ глаза́ глядя́ т** бер щвараллъуве (ине), киве аниги батIалъи гьечIого

ГЛЯДЕ́ТЬСЯ *несов. во что* балагьизе (*жиндихъго*); **~ в зе́ркало** матIуялъусан жиндихъго балагьизе

ГЛЯ́НЕЦ *м* гвангъи, цIваки, цIвак-цIваки; **навести́ ~:** а) цIвакизабизе б) гьабун лъугIараб жо, ахираб нухалъ къачIан, берцин гьабизе

ГЛЯ́ НУТЬ *однокр. к* **гляде́ть**

ГЛЯНЦЕВА́ТЬ *несов. что* цIвакизабизе, цIвак-цIвакизабизе, гвангъизабизе

ГЛЯ́ НЦЕВ//ЫЙ, -ая, -ое цIвакараб, цIвак-цIвакараб; **~ая пове́рхность** цIвакараб тIасарахъ; **~ая бума́га** цIвакараб кагъат

ГМ *межд. разг.* гьм (*божунгутIи, васвас, таваккал гьечIолъи бихьизабулеб междометие*)

ГНАТЬ *несов.* 1) *кого-что* (*заставлять двигаться*) цебе къотIун бачине, цебе гъезе; **~ ста́до** рехьед цебе къотIизе; **~ и́ з дому** рокъоса къватIиве гъезе (вачахъизе) 3) *кого-что* (*преследовать*) хадув лъугьине; **~ зве́ря** жанаваралда хадув лъугьине 4) *что разг.* (*вести на большой скорости*) кIудияб хехлъиялда бачине; **~ маши́ну** машина цIакъ хехго бачине 5) *что* (*добывать перегонкой*) бахъизе; **~ спирт** спирт бахъизе 6) *кого перен.* (*торопить*) гIедегIизавизе; **не гони́ его́ с рабо́той** дов хIалтIулъ гIедегIизавуге ◊ **~ в ше́ю** яризавизе, хъачIго нахъе гъезе

ГНА́ТЬСЯ *несов. за кем-чем* 1) (*преследовать*) хадулъизе, хадув векеризе 2) (*стремиться*) жигар бахъизе, хадув лъугьине; **~ за деньга́ми** гIарцуда хадув лъугьине

ГНЕВ *м* щин; **в поры́ве ~а** щидал хIалуциналъ; **~ наро́да** халкъалъул щин; **смени́ть ~ на ми́лость** щин рахIмуялъ (гурхIелалъ) хисизе

ГНЕ́ВАТЬСЯ *несов. на кого-что уст.* щидахине, щин бахъине

ГНЕВИ́ТЬ *несов. кого уст.* щин бахъинабизе, щидахинабизе

ГНЕ́ВНЫЙ, -ая, -ое щидалаб, щин бахъараб; **~ взгляд** щидалаб балагьи

ГНЕДО́Й, -ая, -ое жибго багIараб, рачIги жалги чIегIераб (*чодул кьер*); **~ конь** рачIги жалги чIегIераб багIараб барти (багIаргIаларча)

ГНЕЗД//И́ ТЬСЯ *несов.* 1) (*о птицах*) бусен (гIумру) гьабизе (*хIанчIаз*); **ла́сточки ~ятся под кры́шей** милъиршабаз мокърукь бусаби гьарула 2) (*о насекомых*) рукIине (*рукIнал гьарун, цадахъ, мас., хIутIхъумур*); **тарака́ны ~ятся в ще́лях** тараканал кьватIа- лабалъ рукIуна 3) *перен.* рукъ (бак1) ккун чIезе; **в го́лове ~ятся назо́йливые мы́ сли** ботIролъ бакI ккун чIун руго рахIат толарел пикраби

ГНЕЗДО́ *с* 1) (*птичье*) хIанчIибусен; **вить гнёзда** бусаби гьаризе (*хIанчIаца*) 2) (*выводок, семья*) тIанчIи, хъизан 3) (*углубление*) жанибе ккараб бакI; **гнёзда для патро́нов** патронал лъолел бакIал 4) *лингв.* кьибил цоял ргIаби; **словообразова́тельные гнёзда** цо кьибилалдасан лъугьарал ргIаби 5) *перен.* (*тайное пристанище*) балъгояб руккел; ◊ **свить себе́ ~** жиндиего рукIел гьабизе

ГНЕЗДОВА́НИ//Е *с* бусен гьаби (*хIанчIаз*); **пери́ од ~я птиц** хIанчIаз бусаби гьарулеб заман

ГНЕЗДОВА́ТЬСЯ *несов.* (*о птицах*) бусаби гьаризе *(хIанчIаз)*

ГНЕЗДОВ//О́Й, -а́я, -о́е 1) кьибил цоял ргIаби аскIор лъун, гьабураб; **~ая систе́ма расположе́ния слов в словаре́** словаралда, кьибил цоял ргIаби аскIор лъун, гьабураб система 2) **~о́й посе́в** кIиго яги цо чанго мугь, хьон яги гъветI, шитил цадахъ цо бакIалда бекьи (чIей)

ГНЕЗДО́ВЬЕ *с* бусаби гьарулеб бакI (*хIанчIаз*)

ГНЕСТИ́ *несов. кого-что* пашман гьавизе; мерхьине, чIинтIизабизе; **меня́ гнетёт тоска́** чIалгIеналъ, бизарлъиялъ дун чIинтIизавулев вуго

ГНЁТ *м* 1) (*груз, тяжесть*) бакIаб жо, бакIлъи; *щибниги* мерхьине, чIинтIизабизе тIад лъолеб жо; **творо́г под ~ом** бакIаб жоялда гъоркь лъураб нису 2) *перен.* (*бремя, угнетение*) зулму, хIал, гIазаб, гIакъуба, рекIел къварилъи

ГНЕТУ́ Щ//ИЙ, -ая, -ее гIазаб (гIакъуба) кьолеб, ракI пашман гьабулеб; **~ие мы́сли** ракI пашман гьарулел пикраби; **~ее впечатле́ние** ракI пашман гьабулеб асар; **~ая тоска́** гIазаб кьолеб чIалгIен (урхъи, ракIщвей)

ГНИ́ ДА *ж* нацIил тIипа

ГНИ́ЕНИЕ *с* тури

ГНИЛ//О́Й, -а́я, -о́е тураараб, бигараб, хвараб, махIцараб; **~ы́е я́блоки** турарал гIечал 2) (*сырой, дождливый*) рагьлилаб, цIадалаб, роччараб; **~а́я пого́да** цIадалаб (роччараб, рагьлилаб) дунял (гьава-бакъ) 3) *перен.* (*общественно вредный*) обществоялъе заралияб

ГНИ́ЛОСТНЫЙ, -ая, -ое (*вызывающий гниение*) туризабулеб, бигинабулеб

ГНИ́ ЛОСТЬ *ж* тури, махIцин, бигин

ГНИЛУ́ШКА *ж* гвадар, турараб жоялъул кесек

ГНИЛЬ *ж* 1) (*что-л. гнилое*) турараб жо 2) (*плесень*) ккал

ГНИЛЬЁ *с собир.* турарабщинаб жо

ГНИ//ТЬ *несов.* туризе; **се́но ~ёт** хер турулеб буго; **~ть на корню́** бижаралъубго туризе, кьолболъанго туризе

ГНОИ́ ТЬ *несов.* 1) *что* туризабизе 2) *кого-что перен.* гIемер мехалъ жанив тIамун чIезавизе (туризавизе); **~ в тюрьме́** туснахъалъув туризавизе

ГНОИ́ //ТЬСЯ *несов.* хьордозе, рецIцI ккезе, рецIцI бачIине; **ра́на ~тся** ругънада рецIцI кколеб буго

ГНОЙ *м* рецIцI, хьверд

ГНОЙНИ́ К *м* хьордокъвачIа, рецIцI бугеб бакI; **вскрыть ~** хьордокъвачIа рагьизе, бахъизе

ГНО́ЙН//ЫЙ, -ая, -ое хьордолаб, роцIцIолаб; **~ая ра́на** хьордолаб ругъун; **~ый аппендици́ т** хьордораб аппендицит

ГНОСЕОЛОГИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое *филос.* гносеологияб, гносеологиялъулаб

ГНОСЕОЛО́ГИЯ *ж филос.* гносеология (*инсанасда хIакъикъат лъаялъул хIакъалъул бугеб философияб гIелму*)

ГНУС *м собир.* гIисинтIутI, тIутI-кIкIара

ГНУСА́ВИ//ТЬ *несов.* магIарзухъан гаргадизе; **он ~т** дов магIарзухъан гаргадула

ГНУСА́ВОСТЬ *ж* магIарзухъан гаргади

ГНУСА́ВЫЙ, -ая, -ое магIарзухъан гаргадулев

ГНУ́ СНОСТЬ *ж* 1) (*мерзость*) къабихIаб (сурукъаб) жо; нич (намус) тIагIин, нахъегIанлъи, квешлъи 2) (*гнусный поступок*) нич (намус) тIагIараб (нахъегIанаб, гIодобегIанаб, хъубаб, сурукъаб) иш

ГНУ́Т//ЫЙ, -ая, -ое хьетIараб, гьетIараб, хьетIизабураб; **~ая ме́бель** кьуризабун гьабураб мебель

ГНУТЬ *несов.* 1) *кого-что* хьетIизабизе, гьетIизабизе; **бу́ря гнёт дере́вья** бураналъ гъутIби хьетIизарулел руго 2) *что, к чему* гара-чIвари, иш цо хасаб мурадалде бачине; **к чему́ (куда́) он гнёт?** досие абизе бокьараб щиб? ◊ **~ спи́ну** захIматаб хIалтIи гьабизе; **~ ше́ю** хIелхIедизе, мутIигIлъи бихьизабизе

ГНУ́ Т//ЬСЯ *несов.* гьетIизе, хьетIизе, къулизе; **дере́вья ~ся от ве́тра** гьури пун, гъутIби хьетIулел руго

ГНУША́//ТЬСЯ *несов. кого-чего и с неопр.* ракI гъанцIун, нахъе къазе, ракI къазе; **~ться есть из одно́й таре́лки** *с кем-л. щивгунниги* цо гъадринисан кваназе ракI къазе ◊ **он не ~ется никаки́ми сре́дствами** кинал рукIаниги ресаздаса пайда босизе дов нахъе къаларо

ГОБЕЛЕ́Н *м* 1) (*ковёр с вытканными изображениями*) гобелен (*къеда бигъулеб суратал, накъишал тIад ругеб квераз бессараб халича*) 2) (*декоративная ткань*) гобелен (*берцинлъиялъе гьабураб тIад расен бугеб гъункараб ххам*)

ГОБО́Й *м муз.* гобой (*пун бачунеб инструмент*)

ГОВЕ́ТЬ *несов. церк.* кIал кквезе ва килисаялъуве хьвадизе

ГО́ВОР *м* 1) гар-гар; **за стено́й слы́ шался ти́ хий ~** къеда нахъа рагIулеб букIана гIодобе биччараб гар-гар 2) (*местный диалект*) бакIалъулаб сверел (*мацIалъул*) 3) (*манера говорить*) кIалъалеб къагIида (куц)

ГОВОРИ́ЛЬНЯ *ж разг. пренебр.* халатал, хIасил кколарел гара-чIвариял гьарулеб бакI (*собрание, учреждение*); ишалъул бакIалда чIанахабар

ГОВОРИ́ //ТЬ *несов.* 1) (*владеть устной речью*) кIалъазе, гаргадизе; **~ть по-ру́сски** гIурус мацIалъ кIалъазе; **ребёнок начина́ет ~ть** васас гаргадизе байбихьулеб буго 2) (*выражать в устной речи, сообщать*) бицине, абизе; **~ть пра́вду** битIараб бицине; **мы ~ли об э́том ме́жду собо́й** нижеца гьелъул хIакъалъулъ нижедаго гьор-кьоб бицунеб букIана; **~ть о но́вых откры́ тиях в нау́ке** гIелмуялда цIиял жал рагьиялъул бицине 3) *о ком-чем* (*высказывать мнение*) бицине, абизе; **~ть о му́зыке** музыкаялъул бицине; **~ть об убо́рке урожа́я** бачIин бакIариялъул бицине 4) *с кем* (*вести беседу*) гара-чIвари гьабизе; **~ть с това́рищем** гьалмагъасулгун гара-чIвари гьабизе 5) *о чем перен.* (*свидетельствовать*) бихьизабизе, чIезабизе; **э́то ~т о мно́гом** гьелъ гIемераб жо бихьизабула, бицуна ◊ **ни говоря́ ни сло́ва** рагIиги абичIого; **открове́нно (по пра́вде) говоря́** битIун бицани; **ина́че говоря́** батIайиса абуни; **коро́че говоря́** къокъго абуни; **со́бственно говоря́** битIухъе абуни; **как говоря́т** абухъего; **~ть на ра́зных языка́х** цояс бицунеб цогидасда бичIчIунгутIизе

ГОВОРИ́//ТЬСЯ *несов.* абизе, бицине; **на юбиле́е ~лись приве́тственные ре́чи** юбилеялда баркиялъулал рагIаби абулел рукIана ◊ **как ~тся** *вводн. сл.* абухъего

ГОВОРЛИ́ВОСТЬ *ж* гIемер гаргадизе (кIалъазе) бокьи, рагIи хиралъи

ГОВОРЛИ́ ВЫЙ, -ая, -ое гIемер гаргадулев (кIалъалев), гаргадизе бокьулев, рагIи хирияв; **~ый ребёнок** гаргадизе бокьулеб лъимер; **он не о́чень говорли́ в** дов гIемер кIалъаларо (гаргадуларо)

ГОВОРУ́ Н *м разг.* гаргадухъан, рагIухъан (*бихьинчи*)

ГОВОРУ́ НЬЯ *ж* гаргадухъан, рагIухъан (*чIужугIадан*)

ГОВЯ́ ДИНА *ж* панзил (чIегIерхIайваналъул) гьан

ГОВЯ́ Ж//ИЙ, -ья, -ье панзил гьанал; **~ье са́ло** панзил тIатIи

ГО́ГОЛ//Ь *м зоол.* гоголь (*ордеказул цо тайпа*) ◊ **ходи́ ть ~ем** *разг.* чIухIун хьвадизе

ГО́ГОЛЬ-МО́ГОЛЬ *м* гоголь-моголь (*чакарги гъорлъе бан багъарараб тIогьилхоно*)

ГО́ГОТ *м* (*гусей*) хъазазул къвакъвади 2) *перен. разг.* (*хохот*) гIагIай, хъуй бахъараб релъи

ГОГОТА́НЬЕ *с* (*по гл.* **гогота́ть**) 1) къвакъвади (*хъазал*) 2) *перен. разг.* гIагIай

ГОГОТА́ТЬ *несов.* (*о гусях*) къвакъвадизе (*хъаз*) 2) *перен. разг.* (*хохотать*) гIагIадизе

ГОД *м* 1) сон, лъагIел; **уче́бный ~** цIалул сон; **четы́ре вре́мени ~а** лъагIалил ункъо заман; **про́шлый ~** араб сон; **в бу́дущем ~у́** бачIунеб соналъ; **ему́ 22 ~а** досул 22 сон буго; **раз в два ~а** кIиго соналда (лъагIелалда) жаниб цо нухалъ 2) (*мн.* **года́** *и* **го́ды**) (*период времени*) заман, сонал; **~ы гражда́нской войны́** граждан рагъул заман (сонал); **де́тские ~ы** лъимадул заман (сонал) 3) (*мн.* **го́ды**) гIел, рарал сонал, бараб гIумру; **он уже́ в ~а́х** дов херлъизе байбихьун буго; **~ы уже́ не те** гIолохъанаб заман (гIолохъанал сонал) ана ◊ **из ~а в ~** соналдаса соналде; **Но́вый ~** ЦIияб сон; **бе́з ~у неде́ля** *шутл.* цодагьаб цебе; **не по ~а́м серьезный** жиндир гIелалдаса гIакъилав (бичIчIи бугев); **~ на ~ не прихо́дится** сон соналда релълъараб букIунаро; **~ о́т ~у** соналдаса соналде; **~ за ~ом** соналда хадуб сон

ГОДА́МИ *нареч.* лъагIелаз; **они́ ~ не встреча́лись** дол лъагIелаз дандчIвалароан

ГОД//И́ТЬСЯ *несов.* ярагьине, бегьизе; **э́ти сапоги́ мне не ~я́тся** гьал чакмаби дие бегьуларо; **э́ то никуда́ не ~и́тся** гьеб сундуениги ярагьунаро; гьеб букIине бегьулеб жо гуро

ГОДИ́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое лъагIалил(аб); цо соналъул; **~ый план** лъагIалил план; **~ый отчёт** лъагIалил отчет; **~ые ко́льца** а) *бот.* бараб сон рикIкIун, гъотIол рохтиялда лъугьунеб гор б) *зоол.* бараб сон рикIкIун, хIайваналъул лълъаралда лъугьунеб гор

ГО́ДНОСТЬ *ж* ярагьин, бегьи

ГО́ДН//ЫЙ, -ая, -ое ярагьунеб, бегьулеб; **~ая для питья́ вода́** гьекъезе бегьулеб лъим; **~ый для посе́ва** бекьизе бегьулеб (ярагьунеб); **ни к чему́ не ~ый** сундуего ярагьунареб

ГОДОВО́Й, -ая, -ое лъагIалил(аб); **~ план** лъагIалил план; **~ дохо́д** лъагIалил доход, харж, тIаде бачIунеб жо

ГОДОВЩИ́НА *ж* лъагIел свери (тIубай); **~ сва́дьбы** бертин гьабуралдаса лъагIел тIубай

ГОЖУ́ СЬ, ГОДИ́ ШЬСЯ *и т. д. наст. от* **годи́ ться**

ГОЛ *м спорт.* гол; **заби́ ть ~** гол кьабизе

ГОЛЕНА́СТ//ЫЙ, -ая, -ое **1.** тIеренал халатал махIаби ругев **2.** *в знач. сущ.* **~ые** *мн. зоол.* махIаби халатал (*хIанчIазул цо тайпа, мас. хIажилакълакъ, къункъра ва ц.*)

ГОЛЕНИ́ ЩЕ *с* (чакмадул) кIал; **~ сапога́** чакмадул кIал

ГОЛЕНОСТО́ПНЫЙ, -ая, -ое: **~ сустав** *анат.* рицIи-махIуялъулги хIатIилги рукьби цолъизарулеб рищи

ГО́ЛЕНЬ *ж анат.* рицIимахIу

ГОЛЛА́НДЕЦ *м* голландияв

ГОЛЛА́НДКА[1] *ж* голландияй

ГОЛЛА́НДКА[2] *ж* (*печь*) голланд печь

ГОЛЛА́НДСК//ИЙ, -ая, -ое голландиязул; **~ая печь** голланд печь; **~ий сыр** голландиязул хIан

ГОЛОВ//А́ *ж* 1) *ж* бетIер; **у меня́ боли́ т ~а** дир бетIер унтулеб буго; **пону́рить ~у** бетIер къулизабизе; **наде́ть на ~у**

ботIрода ххезе, лъезе 2) *ж* (*единица счета скота*) бетIер; **сто ~ скота́** боцIул нусго бетIер 3) *ж перен.* (*ум, рассудок*) бетIер, гIакълу; **челове́к с ~ой** бетIер (гIакълу) бугев чи 4) *м перен.* (*руководитель*) бетIер, хIаким; **городско́й ~а** *ист.* шагъаралъул бетIер (хIаким) 5) (*передовой отряд*) бетIер, цебесеб къукъа; **~а коло́нны** колоннаялъул бетIер; **идти́ в ~е́** бетIералда ине 6) *ж* (*сахару*) чакаралъул бетIер ◊ **с ~ы́ до ног** бетIералдаса хIатIазде щвезегIан; **с ног до ~ы́** хIатIазда бетIералде щвезегIан; **в ~а́х** къаданиб; **с ~ы́** бетIералдаса, байбихъудаса; **в пе́рвую ~у** тIоцебесеб иргаялда; **вскружи́ть ~у** бетIер сверизабизе; **не выхо́дит из ~ы́** ботIролъа унеб гьечIо; **~у пове́сить** бетIер дализабизе; **намы́лить ~у** *кому-л. лъидениги* семизе; **на свою́ ~у** жиндиего заралалъе, балагьалъе; **сесть на ~у** *кому-л. лъилниги* бетIералде вахине

ГОЛОВА́СТИК *м* 1) *зоол.* къоркъотIинчI (*авалалда*) 2) *разг. шутл.* бетIеркIодо

ГОЛОВЁШКА *ж* сунтур; **поту́хшая ~** свараб сунтур

ГОЛО́ВК//А *ж* 1) *уменьш. от* **голова́** 2) (*плод, соцветие, шляпка*) бетIер; **~а лу́ка** порол бетIер; **~а винта́** буравалъул бетIер 3) *мн.* **~и** (*обуви*) бутIрул (*хьитазул*); **~и сапо́г** чакмабазул бутIрул ◊ **гла́дить по ~е** вещцизе, тIад рекъезе, веэдизе

ГОЛОВН//О́Й, -а́я, -о́е 1) ботIрол(аб), бетIералъул(аб); **~а́я боль** ботIрол унти 2) (*находящийся впереди, ведущий*) бетIераб, цебехъанаб, нух малъулеб; **~о́й отря́д** бетIераб къокъа; **~о́й мозг** *анат.* гIадалнах

ГОЛОВНЯ́ [1] *ж см.* **головёшка**

ГОЛОВНЯ́ [2] *ж* (*болезнь хлебных злаков*) сунтур; **пшени́чная ~** ролъул сунтур

ГОЛОВОКРУЖЕ́НИЕ *с* бетIер свери, гIадхай; **испы́тывать ~** бетIер сверизе; **он почу́вствовал ~** досда бетIер сверулеб букIин бичIчIана (лъана)

ГОЛОВОКРУЖИ́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое, *прям., перен.* бетIер сверизабулеб (гIадхазабулеб); **~ая высота́** бетIер сверизабулеб борхалъи; **с ~ой быстрото́й** бетIер сверизабулеб (кутакаб) хехлъиялда; **~ый успе́х** цIакъ кIудияб бергьенлъи

ГОЛОВОЛО́МК//А *ж* масъала, бицанкIо, нахъгIунтIизе кIолареб (бичIчIизе захIматаб) суал; **зада́ть ~у** *кому-л. лъидениги* масъала кьезе

ГОЛОВОМО́ЙК//А *ж разг.* кьварараб семи, вагIаризави; **устро́ить хоро́шую ~у** *кому-л.* кьварун семизе (*лъидениги*), вагIаризавизе

ГОЛОВОРЕ́З *м разг.* 1) (*сорвиголова*) бокьарабахъ, хIинкъигьечI 2) (*бандит*) хъачагъ, бидулав, бутIрулкъотI

ГОЛОВОТЯ́П *м разг.* махщелгьечI, пишадукъ, чIанкIгьечI

ГОЛОВОТЯ́ПСТВО *с разг.* махщел гьечIолъи, пишадукълъи, чIанкI гьечIолъи

ГО́ЛОД *м* 1) ракъи; **испы́тывать ~** ракъи бихьизе (хIехьезе); **умира́ть с ~у** ракъуца хвезе 2) (*недостаток хлеба из-за неурожая*) чадикълъи 3) *перен.* гьечIолъи; **кни́жный ~** тIахьал гье-чIолъи, тIахьал къанагIалъи

ГОЛОДА́НИЕ *с* (*по гл.* **голода́ть**) вакъи

ГОЛОДА́ТЬ *несов.* 1) (*испытывать голод*) вакъизе 2) (*воздерживаться от приема пищи*) вакъун чIезе; **~ це́лый день** тIубараб къоялъ вакъун чIезе

ГОЛОДА́ЮЩИЙ *м* вакъун хутIарав, ракъи тIаде щварав, вакъун вугев

ГОЛО́ДН//ЫЙ, -ая, -ое I *в разн. знач.* вакъарав; **быть ~ым** вакъун вукIине; **~ая смерть** вакъун (вакъуца) хвей; **смотре́ть ~ыми глаза́ми** ракъарал бераз балагьизе; **~ый паёк** мукъсанаб (бакъараб) паёк; **~ый год** мискинаб сон; **на ~ый желу́док** бакъараб чехьалъе 2 *в знач. сущ. м* **-ый,** *ж* **-ая** вакъарав, якъарай ◊ **~ый как волк** бацI гIадин вакъарав, цIакъ вакъарав

ГОЛОДО́ВК//А *ж* 1) *разг.* (*голод*) ракъи 2) (*отказ от пищи в знак протеста*) ракъи лъазаби, кваначIого чIей; **объяви́ть ~у** ракъи лъазабизе, кваначIого чIезе

ГОЛОЛЁД *м см.* **гололе́дица**

ГОЛОЛЕ́ДИЦА *ж* лулараб цIер, цIертIей; ракьалда, нухазда *ва гь. ц.* чIвараб тIеренаб цIер

ГО́ЛОС *м* 1) гьаракь; **узна́ть по ~у** гьаркьидасан лъазе; **потеря́ть ~** гьаракь къине 2) *муз.* гьаракь, бакъан; **пе́сня на два ~а** кIиго гьаракьалъе (бакъаналъе) кечI 3) (*при голосовании*) гьаракь; **реша́ющий ~** бищун кIвар бугеб гьаракь; **совеща́тельный ~** совещательный (гIакълу дандбаялъул) гьаракь 4) (*мнение*) пикру 5) : **~ масс** халкъалъул гьаракь (тIалаб, мурад); **~ рассу́дка** гIакълуялъул гьаракь (тIалаб); **~ со́вести** намусалъул гьаракь (тIалаб) ◊ **во весь ~** бугеб гьаракьалъ, кибего ргIулеб хIалалъ; **в оди́н ~** разилъун, киналго тIад рекъон; **с чужо́го ~а** жиндирго пикру гьечIого, чияр такрар гьабун (чияр кIалдисан кIалъан)

ГОЛОСИ́СТЫЙ, -ая, -ое кутакаб (кIудияб, роцIараб) гьаракьалъул

ГОЛОСИ́ ТЬ *несов.* гьаракь биччан, кечI ахIизе яги ахIдезе; **~ по поко́йнику** хварасухъ, гьаракь биччан, гIодизе

ГОЛОСЛО́ВН//ЫЙ, -ая, -ое гIицIаб гаргаралъул(аб), гIицIал ргIабазул(аб), хIужжа-далил гьечIеб; **~ое обвине́ние** хIужжадалил гьечIеб гIайиб гIунтIизаби; **~ое утвержде́ние** хIужжа-далил гьечIеб пикру; **что́бы не быть ~ым** гIицIаб гаргар ккечIого букIине

ГОЛОСОВА́НИ//Е *с* гьаракь кьей; **та́йное ~е** балъгояб гьаракь кьей; **откры́тое ~е** ргIараб гьаракь кьей; **воздержа́ться от ~я** цоябниги рахъалъе гьаракь кьечIого чIезе (тезе)

ГОЛОСОВА́ТЬ *несов.* 1) *за кого-что, что* гьаракь кьезе; **~ за кандида́тов** кандидатазе гьаракь кьезе; **~ резолю́цию** хIукмуялъе гьаракь кьезе; **~ про́тив** *какого-л.* **предложе́ния** *кинаб бугониги* пикруялда данде гьаракь кьезе 2) *разг.* (*останавливать машину*) квер борхизе (*машина чIезабизе*)

ГОЛОСОВ//О́Й, -а́я, -о́е гьаркьилаб; **~ые свя́зки** *анат.* гьаркьилал пардавал

ГОЛУБЕ́//ТЬ *несов.* 1) (*становиться голубым*) канчIхъа-хIиллъизе; **не́бо ~ет** зоб канчIхъахIиллъулеб буго 2) (*виднеться – о голубом*) канчIхъахIилго бихьизе; **вдали́ ~ли го́ры** рикIкIада мугIрул канчIхъахIилго рихьула (канчIхъахIиллъун руго)

ГОЛУБИЗНА́ *ж* канчIхъахIилаб кьер, канчIхъахIиллъи; **~ не́ба** зодил канчIхъахIиллъи

ГОЛУБИ́ КА *ж* 1) *собир.* (*ягоды*) гьорпихъ 2) (*об отдельной ягоде и растении*) гьорпихъил горо (*ягода*), гьорпихъил хер (*растение*)

ГОЛУБИ́Н//ЫЙ, -ая, -ое миккидул; **~ая по́чта** макказул почта

ГОЛУ́ БКА *ж* 1) (*самка голубя*) цIомикки 2) *разг.* (*ласковое обращение*) микки

ГОЛУБОГЛА́ЗЫЙ, -ая, -ое берал цIахIилав, цIахIилберал ругев; бералцIахIил, бералцIик

ГОЛУБ//О́Й, -а́я, -о́е канчIхъахIилаб, зодикьераб; цIахIилаб; **~ые глаза́** цIахIилал берал ◊ **~о́й экра́н** (*тв*) хъахIилаб экран (*тв*)

ГОЛУ́ БУШКА *ж см.* **голу́бка**

ГОЛУБ//ЦЫ́ *мн.* (*ед.* **~е́ц** *м*) капустадул тIанхилъ жемараб ххараб гьанал квен

ГОЛУ́ БЧИК *м* (*ласковое обращение*): **мой ~** дир микки

ГО́ЛУБ//Ь *м* микки; **гоня́ть ~ей** макказда хадув лъугьине ◊ **~ь ми́ра** ракълил микки (*ракълил гIаламат хъахIаб микки*)

ГОЛУБЯ́ТНИК *м* 1) (*любитель голубей*) маккал рокьулев (хьихьулев) чи 2) хъиргъу (*макказде чан гьабулеб*)

ГОЛУБЯ́ ТНЯ *ж* макказул рукъ

ГО́Л//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*нагой*) гIицIаб, толохIочораб; **~ая ше́я** гIицIаб габур; **с ~ыми нога́ми** гIицIал хIатIалгун 2) (*без растительности*) гIицIаб, чIобогояб, тIад гъветI-хер бижичIеб (*ракь*); **~ые дере́вья** гIицIал гъутIби 3) *разг.* (*чистый*) бацIцIадаб; **~ спирт** бацIцIадаб спирт 4) *перен.* гIицIаб, щибниги тIаде жубачIеб; **~ая и́ стина** гIицIаб хIакъикъат

ГОЛЫ́Ш *м* 1) *разг.* толохIочораб лъимер 2) (*камень*) гIурулхоно

ГОЛЫШО́М *нареч. разг.* гIицIго, толохIочон

ГОЛЬ *ж собир. уст.* мискинзаби; **~ перека́тная** мина-рукъ гьечIел мискинзаби, гьардухъаби; **~ на вы́думку хитра́** мискинзабазул щиб-щибниги ургъизе махщел букIуна

ГО́ЛЬФЫ *мн.* (*чулки*) гольфал (*щватаби*)

ГОМЕОПА́Т *м* гомеопат (*гомеопатия гьабулев чи*)

ГОМЕОПАТИ́ ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое гомеопатиялъул

ГОМЕОПА́ТИЯ *ж* гомеопатия (*гIадан унтизавулел дарабазул цIакъ дагьа-макъаб къадар кьун, унтаби сахлъизарулеб къагIида*)

ГОМЕРИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое: **~ смех** цIакъ кутакаб гIагIади (релъи)

ГО́МОН *м* хъуди, хъуй, ахIи-хIур; **пти́ чий ~** хIанчIазул хъуй

ГОМОСЕКСУАЛИ́ ЗМ *м* бихьиназул рос-лъадиялъулаб гьоркьоблъи

ГОНГ *м* гонг (*музыкияб алатлъун, гьединго сигналлъун хIалтIизабулеб металлалъул диск*); **удáрить в ~** гонгалда кIутIизе (кьабизе)

ГОНЕ́НИ//Е *с* хадур лъугьин, хадурчIей, къварилъи гьаби, гьукъи; **подве́ргнуть ~ям** хадур лъугьун къварилъи гьабизе; **~я на свобо́ду печáти при цари́зме** пачаясул заманалда басмаялъул эркенлъиялда хадур лъугьин

ГОНЕ́Ц *м уст.* чапар

ГО́НК//А *ж* **1.** (*по гл.* **гнать**) хехлъизаби, руссузаби, хехаб ин **2.** (*спешка*) гIедегIи **3.** *мн.* **~и** *спорт.* риччай, рекеризе тIами; **велосипе́дные ~и** велосипедал риччай ◊ **~а вооруже́ний** ярагъ гIемер гьаби

ГО́НОР *м разг.* пахрулъи, чIухIи; **челове́к с ~ом** пахруяв (чIухIи бугев) чи

ГОНОРА́Р *м* гонорар; **а́вторский ~** авторасул гонорар (авторасе кьолеб гIарац)

ГОНОРе́Я *ж мед.* гонорея, триппер, рекIадул унти, саяхъунти

ГО́НОЧН//ЫЙ, -ая, -ое *спорт.* кIудияб хехлъиялда унеб, биччалеб; **~ая маши́ на** биччазе бугеб машина (*спорталъулаб*)

ГОНТ *м собир.* гонт (*тIохда кквезе хIадур гьарурал хъорщол кескал*); **кры́ шу покры́ ли ~ом** тIохда гонт ккуна

ГОНЧА́Р *м* щагIихъан (*хIамIул цIарагI гьабулев устар*)

ГОНЧА́РН//ЫЙ, -ая, -ое щагIихъанлъиялъул, щагIил; **~ые изде́лия** щагIил цIарагI, щагIил гьарурал жал

ГО́НЧАЯ *ж* чанилгьой *(цо тайпа)*

ГО́НЩИК *м спорт.* гонщик (*автомобилалда, мотоциклалда, велосипедалда ва ц. кьецалъулъ гIахьаллъи гьабулев спортсмен*)

ГОНЮ́ (СЬ), ГО́НИШЬ(СЯ) *и т. д. наст. от* **гна́ть(ся)**

ГОНЯ́ТЬСЯ *несов. см.* **гна́ться** ◊ **~ за двумя́ за́йцами** кIиго гIанкIида хадув векеризе (лъугьине)

ГОПА́К *м* гопак (*украиназул халкъияб кьурди ва гьелъул музыка*)

ГОР//А́ *ж* 1) мегIер; **высо́кие ~ы** рорхатал мугIрул 2) *перен.* (*множество*) гъуни *сундулниги;* **~ы я́щиков** ящикIазул гъунал ◊ **не за ~а́ми** гIемер риккIад гьечIо; **пир ~о́й** кIудияб квана-гъекъей; **стоя́ ть ~о́й** буцурлъун чIезе; **~а́ с плеч** мугъзадаса гьир борхана, рекIее бигьалъи лъугьана

ГОРА́ЗДО *нареч.* лъикIаланго, гIезегIанго, дагьабги; **~ лу́чше** гIезегIанго (дагьабги) лъикI; **там ~ тепле́е** дова дагьабги хинго буго

ГОРБ *м* 1) (*у человека*) цIутIел, гьодил къули, къуларав гьод, гьод 2) (*у верблюда*) кьили (*варанидул*) ◊ **гнуть ~** захIматаб хIалтIи гьабизе; **сво́им ~ом зараба́тывать** *и т. д.* жиндирго захIматалъ, живго хIалтIун, гьабизе, балагьизе

ГОРБА́Т//ЫЙ, -ая, -ое **1.** 1) цIутIараб мугъалъул, гьодилъа къуларав, 2) (*изогнутый, с горбинкой*) кIичIараб, цIутIараб; **~ый нос** кIичIараб мегIер **2.** *в знач. сущ.* **~ый** *м,* **~ая** *ж* къуларав (чи), къуларай (гIадан)

ГОРБИ́ТЬ *несов. что* къулун цIутIизабизе, къулизабизе; **~ спи́ну** мугъ къулизабизе

ГОРБИ́ТЬСЯ *несов.* мугъ (гьод) къулизе; къулун ине; **~ при ходьбе́** кулун хьвадизе (хьвадулелъул къулизе, къули рехизе)

ГОРБОНО́СЫЙ, -ая, -ое мегIер кIичIарав, мегIеркIичI

ГОРБУ́ Н *м* къуларав чи, мугъ (гьод) къуларав (цIутIарав) чи

ГОРБУ́ НЬЯ *ж* къуларай гIадан, мугъ (гьод) къуларай (цIутIарай) гIадан

ГОРБУ́ШКА *ж* чадил къотIараб макъараб рагIал, чадил макъар

ГОРБЫ́ ЛЬ *м собир.* хъалал хъарщи

ГОРДЕЛИ́В//ЫЙ, -ая, -ое пахруяб, чIухIараб; **~ая оса́нка** чIухIараб чорхол кквей (черх ккураб куц)

ГОРДе́Ц *м* чIухIухъан, гIамалкIодо

ГОРДИ́ Т//ЬСЯ *несов. кем-чем* чIухIизе; чIухIдаризе; **он ~ся свои́ м сы́ ном** дов жиндирго васасдаса чIухIун вукIуна

ГО́РДОСТЬ *ж* 1) жиндирго къадру-ас гьаби (цIуни), чIухIи, сий буголъи; **национа́льная ~** миллияб чIухIи 2) (*чувство удовлетворения*) чIухIи; **~ побе́дой** бергьенлъиялдаса чIухIи

ГО́РДЫЙ, -ая, -ое пахруяв, чIухIарав, гIамал кIудияв; **она́ горда́ свои́ ми достиже́ниями** дой чIухIарай йиго жиндирго бергьенлъабаздаса

ГОРДЯ́ ЧКА *ж* чIухIухъан, гIамалкIодо (*чIужугIадан*)

ГО́Р//Е *с* 1) (*печаль*) ургъел, къварилъи, пашманлъи; **заболе́ть с ~я** ургъалица унтизе; **посиде́ть от ~я** ургъелалъ хъахIрас баккизе; **причини́ ть** *кому-л.* **мно́го ~я** *лъиениги* гIемер къварилъи гьабизе 2) (*несчастье*) талихIкъин, балагь; **~е ему́!** эсул талихIкъин! **~е мне!** дир талихIкъин! **~е мне с тобо́й!** дие дур бугеб балагь! **на моё ~е** дие балагьалъе; **случи́ лось большо́е ~е** кIудияб къварилъи ккана ◊ **с ~ем попола́м** хIалицаго, хIала-малалъ, хIалималица; **ему́ и ~я ма́ло** досие сундулниги ургъел гьечIо

ГОРЕВА́ТЬ *несов. о ком-чем* ургъалилъе (къварилъиялде) ккезе, къварилъизе; **не горю́ й!** къварилъуге! ургъел гьабуге!

ГОРЕ́ЛКА *ж* горелка; **~ га́зовой плиты́** газалъул плитая-лъул горелка

ГОРЕ́Л//ЫЙ, -ая, -ое **1.** къвагъараб, къвагъизе бахъараб, бухIараб, бухIизе бахъараб, бухI-бухIараб; **~ые до́ски** рухIарал хъарщал **2.** *в знач. сущ.* **~ое** *с* къвагъараб (бухIараб) жо; **па́хнет ~ым** бухIараб (къвагъараб) жоялъул махI буго

ГОРЕМЫ́ КА *м, ж разг.* талихIкъос, гъарин, пакъир

ГОРЕМЫ́ЧНЫЙ, -ая, -ое *разг.* талихI къосарав, гъаримав, пакъирав

ГОРЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **горе́ть**) цIа рекIин, цIаккей, цIеца бухIи **2.** *перен.* хIасраталъ вухIи

ГО́РЕСТН//ЫЙ, -ая, -ое ургъалилаб, пашманаб, пашманлъиялъулаб, ракI гурхIизесеб; **~ое изве́стие** пашманаб хабар

ГО́РЕСТ//Ь *ж* 1) (*печаль, скорбь*) ургъел, къварилъи, пашманлъи 2) *мн.* **~и** (*несчастье*) талихI кьин (къосин, гьечIолъи), къварилъи, балагь; **пережи́ть мно́го ~ей** гIемер къварилъи хIехьезе (бихьизе)

ГОР//Е́ТЬ *несов.* 1) рекIине (*цIа*); **дрова́ ~я́т** цIулада цIа рекIун буго 2) (*давать свет*) рекIине; гвангъизе, канлъи кьезе; **все ла́мпы ~я́ т** киналго чирахъал рекIун руго 3) (*быть в жару*) ву-хIизе, вежизе (*цIа-каналъ*); **у меня́ жар, у меня́ ~и́ т лицо́** дида цIа-кан буго, дир гьумер бухIулеб буго 4) (*сверкать, блестеть*) кенчIезе; **глаза́ ~я́ т от ра́дости** вохиялъ берал кенчIолел руго 5) (*испытывать сильное чувство*) вухIизе, вежизе; **~е́ть жела́нием заня́ть пе́рвое ме́сто** тIоцебесеб бакI кквезе бугеб гъираялъ ву-хIизе 6) (*преть, гнить*) туризе, цIаккине; **мо́крое се́но ~ит в стога́х** биччараб хер гIархъазда турулеб буго; ◊ **на воре́ ша́пка ~и́т** цIогьорасул гIадалъ цIа; **не ~и́т!** гIедегIизе хIажат гьечIо; **рабо́та ~и́ т в его́ рука́х** дос хIалтIуда цIа рекIинабула; **он в огне́ не ~и́ т и в воде́ не то́нет** дов цIеца вухIуларо, лъеца гъанкъуларо

ГО́РЕЦ *м* мугIрузда гIумру гьабулев чи

ГО́РЕЧЬ *ж* 1) (*вкус*) кьогIлъи, кьогIаб тIагIам, кьогIаб махI; **~ во рту** кIалдиб кьогIлъи буго 2) (*что-л. горькое*) кьогIаб жо; **проглоти́ ть** *какую-то ~ кинабалиго* кьогIаб жо кулчIизе 3) *чего и без доп.* (*горькое чувство*) кьогIлъи; **~ одино́чества** янгъиз-лъиялъул кьогIлъи; **~ воспомина́ний** ракIалдещвеязул кьогIлъи; **сказа́ть с ~ю в го́лосе** гьаркьилъ кьогIлъигун (кьогIго) абизе

ГОРИЗО́НТ *м* 1) горизонт (*ракьалъулги зобалъулги бихьулеб гIурхъи*); **со́лнце скры́ лось за ~ом** бакъ горизонталда нахъе тIерхьун ана 2) *перен.* лъай, даража; **челове́к с широ́ким ~ом** гIатIидаб лъаялъул чи 3) *мн.* **~ы** *перен.* ресал; **пе́ред на́шей молодёжью откры́лись широ́кие ~ы** нилъер гIолохъанаб гIелалда цере гIатIидал ресал руго ◊ **появи́ться на** *чьем-л.* **~е** *кинаб- бугониги* обществоялде, къокъаялде гьоркьове лъугьине (ва-чIине); **он исче́з с на́шего ~а** дов нижеда гьоркьоса тIагIун ана

ГОРИЗОНТА́Л//Ь *ж* горизонталь (*горизонталъул хIучч*); **по ~и** горизонталъул хIуччалдасан

ГОРИЗОНТА́ЛЬНО *нареч.* горизонталъул хIуччалда рекъон

ГОРИЗОНТА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое горизонталияб (горизонталъул хIуччалда битIараб); **~ая пове́рхность** горизонталияб тIасияб рахъ

ГОРИ´ ЛЛА *ж зоол.* горилла (*гIадамасда релъльарал маймалаказул цо тайпа*)

ГОРИ́СТ//ЫЙ, -ая, -ое мугIрул ругеб (гIемераб), мугIрулаб; **~ая ме́стность** мугIрулаб бакI

ГОРИЦВЕ́Т *м* горицвет (*канчIтIогьилаб ва багIараб кьералъул михикI тайпаялъул тIегь*)

ГО́РКА *ж* 1) *уменьш. от* **гора́** 2) (*шкафчик*) гьитIинаб шкаф (*цIарагI лъолеб*) 3) *ав.* горка (*тIадегIанаб пилотажалъул цо фигура*) 4) горка (*маххул нухазул станциялда вагоназул сортировка гьабизе санагIатаб гIодорайги бугеб нухазул система*)

ГО́РКН//УТЬ *несов.* кьогIлъизе; **ма́сло в тепле́ ~ет** нах хинаб бакIалда кьогIлъула

ГОРКО́М *м* (*городской комитет*) шагьаралъул комитет, горком

ГОРЛА́НИТЬ *несов. разг.* ахIун гаргадизе, гIергIедун кечI ахIизе, гIергIедизе

ГОРЛА́СТЫЙ, -ая, -ое *разг.* гьаракь кIудияб (кутакаб); **~ петуха́** гьаракь кIудияб хIелеко; **~ па́рень** гIергIедулев (гьаракь кIудияв) гIолилав

ГО́РЛИНКА, ГО́РЛИЦА *ж зоол.* рохьимикки, гьерко

ГО́РЛ//О *с* 1) щекъер; **полоска́ть ~** щекъер хулизе; **у меня́ пересо́хло в ~е** дир мукъулукъ бакъван буго; 2) (*у сосуда*) щекъер; **~о бутыл́ки** шишадул щекъер; **по ~о** щокъронибе бахун (щун); **у меня́ рабо́ты по ~о** дир, щокъронибе бахун (цIакъ гIемер), хIалтIи буго; **быть сы́тым по ~о** щокърониве вахун, гIорцIун вукIине; **взять** *кого-л.* **за ~о** *лъилниги* щекъер кквезе; **у меня́ слова́ застря́ ли в ~ е** дир рагIаби щокъронир къан хутIана

ГОРЛОВИ´ К *м разг.* щекъер-мукъулукъалъул тохтир

ГОРЛОВИ́НА *ж* гъваридаб, къварилъун унеб каратI, кIалтIу; **~ вулка́на** вулканалъул кIалтIу

ГОРЛОВ//О́Й, -а́я, -о́е щокърол, щекъералъул(аб), щекъералда хурхараб; **~о́е кровотече́ние** шокъросан би чвахи

ГО́РЛЫШКО *с* 1) *уменьш. от* **го́рло** 2) шишадул кIал; **~ буты́ лки** шишадул кIал

ГОРМО́Н *м физиол.* гормон (*жанисел секрециялъулал железабаз бидулъе биччалеб ва жинца лугбузул хIалтIи кутаклъизабулеб жо*)

ГОРН[1] *м тех.* 1) къебелъул гъасито; **кузне́чный ~** къебелъул гъасито 2) (*нижняя часть доменной печи*) горн (*махх-чаран биунеб печалъул гъоркьияб бутIа*)

ГОРН[2] *м* (*сигнальный*) накъира

ГОРНИ´ СТ *м* накъирачи

ГО́РНИЦА *ж уст.* къачIараб рукъ

ГО́РНИЧНАЯ *ж* горничная (*рукъ бакIарулей, богорукъа-лъул хIалтIи гьабулей гIадан*)

ГО́РНОДОБЫВА́ЮЩ//ИЙ, -ая, -ее ракьулъа магIданал рахъулеб; **~ая промы́шленность** ракьулъа магIданал рахъулеб промышленность

ГОРНОЗАВО́ДСКИЙ, -ая, -ое ракьулъа магIданал ра-хъиялъул(аб); **~ райо́н** ракьулъа магIданал рахъулеб район (бак1)

ГОРНОЛЫ´ ЖНИК *м спорт.* горнолыжник (*мугIрузул шартIазда лыжабазул спорталда тIад чIарав чи*)

ГОРНОЛЫ́ЖНИЦА *ж спорт.* горнолыжница (*мугIрузул шартIазда лыжабазул спорталда тIад чIарай гIадан*)

ГОРНОЛЫ´ ЖН//ЫЙ, -ая, -ое *спорт.* горнолыжный (*мугIрузул шартIазда лыжабазул спорталда хурхараб*); **~ая ста́нция** горнолыжная станция

ГОРНОПРОМЫ́ ШЛЕННЫЙ, -ая, -ое: ~ район магIдан бахъулеб промышленносталъул район

ГОРНОПРОХО́ДЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое: **~ие рабо́ты** бухъун магIдан бахъиялъулал хIалтIаби

ГОРНОРАБО́ЧИЙ *м* магIдан бахъулев хIалтIухъан

ГОРНОРУ´ ДН//ЫЙ, -ая, -ое магIдан бахъиялъул (бахъулеб); **~ая промы́ шленность** магIдан бахъулеб промышленность

ГОРНОСТА́ЕВЫЙ, -ая, -ое горностаялъул, горностаялъул цIакил; **~ мех** горностаялъул цIоко

ГОРНОСТА́Й *м* горностай *(цIоко багьаяб гIондокь гIадаб гьитIинаб хIайван)*

ГО́РН//ЫЙ, -ая, -ое 1) мугIрул, мугIрузул; **~ый перева́л** мугIрул габурлъи; **~ая верши́ на** мугIрул тIогь (бетIер, борхалъи); **~ая страна́** мугIрузул улка 2) (*добываемый из недр земли*) магIданияб, ракьулъа бахъулеб 3) (*относящийся к разработке земных недр*) магIданал рахъиялъул(аб); **~ая промы́шленность** магIданияб (магIданал рахъиялъул) промышленность ◊ **~ая боле́знь** борхалъиялъул унти (*кIудияб борхалъиялде рахунелъул лъугьунеб бетIер сверизе ва лагIизе гьабулеб унти*); **~ый хруста́ль** мугIрул хрусталь

ГОРНЯ´ К *м разг. м*агIданал рахъулеб бакIалъул хIалтIухъан (*горнорабочий*)

ГО́РОД *м* шагьар; **гла́вный ~** бетIераб шагьар; **провинциа́льный ~** *уст.* провинциялъулаб шагьар; **~ Москва́** Москва шагьар; **жить за ~ом** шагьар тун къватIибехун (шагьаралда аскIоб) гIумру гьабизе; **за ~ом** шагьаралдаса къватIибехун (шагьаралда аскIоб); **~ и дере́вня** шагьарги росуги; **~ – геро́й** бахIарчияб шагьар

ГОРОДИ ТЬ *несов. что* сверун къазе, сверун галан (къед, чали) гьабизе ◊ **не сто́ит огоро́д ~** квалквадун (гIададисеб иш гьабун) лъикI гуро; **что за чепуху́ ты горо́дишь?** дуца бицунеб чIана щиб?

ГОРОДИ´ ЩЕ *с археол.* некIо шагьар букIараб бакI

ГОРОДКИ´ *мн.* (*игра*) городки (*спорталъул хIаязул цояб*)

ГОРОДНИ´ ЧИЙ *м ист.* городничий (Р*оссиялда XIX векалъул бащалъиялде щвезегIан уездалъулаб шагьаралда полициялъул бетIер*)

ГОРОДОВО́Й *м* городовой (*пачаясул Россиялда шагьаралъул полициялъул гъоркьияб чин*)

ГОРОДО́К *м уменьш. от* **го́род; студе́нческий ~** студентазул городок; **спорти´ вный ~** спорталъул(аб) городок

ГОРОДСК//О́Й, -а́я, -о́е шагьаралъул(аб); **~ой сад** шагьаралъул ах; **~ой комите́т** шагьаралъул комитет

ГОРОЖА́НИН *м* шагьаралъул чи, шагьаралда гIурав (гIумру гьабулев) чи

ГОРОЖА́НКА *ж* шагьаралда гIумру гьабулей чIужугIадан, шагьаралъул гIадан

ГОРОСКО́П *м* гороскоп (*астрологиялда: цIвабзазухъ балагьун, лъилниги букIинесеб къисмат бицине хIалтIизабулеб мистикияб таблица*)

ГОРО́Х *м* хилъало (нухуд); **лущёный ~** чIучIараб хилъало ◊ **как об сте́нку ~** кигIан дагьабги асар гьабуларо; **при царе́ Горо́хе** НухIил заманаялъ (*цIакъ цебегIанго*)

ГОРО́ХОВ//ЫЙ, -ая, -ое хилъалодул; **~ый суп** хилъалодул чурпа; **~ый цвет** хилъалодул кьер ◊ **чу́чело ~ое** чIовогояв чи, лъай-гIакълу гьечIев чи, чи гурев чи

ГОРО́ШЕК *м* 1) *уменьш. от* **горо́х** 2) (*крапинки на ткани*) тIанкI (*ххамида*); **си´тец в ~** тIанкIал ругеб (тIанкI бугеб) чит ◊ **зелёный ~** гIурччинаб хилъало

ГОРО́ШИН//А *ж* хилъалодул мугь; **с ~у** хилъалодул мугьгIанасеб

ГО́РСТОЧКА *ж уменьш. от* **горсть**

ГОРСТЬ *ж* 1) (*руки*) хъат; **держа́ть ру́ку ~ю** гъуд гIадин хъат кквезе 2) (*количество*) хъат цIун; **~ со́ли** цIамул хъат, хъат цIун цIам; **~ храбрецо́в** цIакъ дагьал бахIарзал, бахIарзазул гьитIинаб къокъа

ГОРТА́НН//ЫЙ, -ая, -ое 1) *анат.* мукъулукъил 2) *лингв.* мукъулукъилаб, мукъулукъидасан бахъулеб; **~ые зву́ки** мукъулукъилал, мукъулукъидасан рахъулел гьаркьал

ГОРТА́НЬ *ж анат.* мукъулукъ

ГОРЧИ́//ТЬ *несов.* кьогIлъизе, кьогIккараб тату букIине; **мука́ ~т** ханжуялъул кьогIлъи буго, ханжу кьогIлъун буго

ГОРЧИ´ ЦА *ж* горчица

ГОРЧИ´ ЧНИК *м* горчичник; **поста́вить ~и** горчичникал лъезе

ГОРЧИ´ ЧНИЦА *ж* горчичница, горчица чIвалеб жо

ГОРЧИ́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое горчицаялъул(аб); **~ое ма́сло** горчицаялъул нах; **~ый газ** горчицаялъул газ

ГОРШЕЧНИК *м* щагIихъан, щагIил цIарагI гьабулев чи

ГОРШЕ́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое щагIил цIарагIалъул; **~ое произво́дство** щагIил цIарагI гьаби

ГОРШО́К *м* горшок; щагIил хъаба

ГО́РЬК//ИЙ, -ая, -ое **1.** *прям., перен.* кьогIаб; **~ое лека́рство** кьогIаб дару; **~ий о́пыт** кьогIаб хIалбихьи; **~ие слёзы** кьогIаб (бухIараб) магIу; **~ая у́часть** кьогIаб къисмат **2.** *в знач. сущ. ж* **~ая** (*водка*) гIаракъи ◊ **~ая соль** кьогIаб цIам (*чехь лъама гьабулеб дару, сернокислый магний*); **~ий пья́ница** квер хьвагIун тарав гьекъолдухъан; **го́ре ~ое** кьогIаб къварилъи (балагь, пашманлъи, ургъел)

ГО́РЬКО 1. *нареч.* кьогI **2.** *в знач. сказ.* кьогI буго, захIматго буго; **у меня́ ~ во рту** дир кIалдиб кьогIго буго, дир кIал кьогIлъун буго; **у него́ на душе́** ~ досул рекIелъ ургъел (пашманлъи, къварилъи) буго

ГОРЮ́Ч//ИЙ,[1] -ая, -ое **1.** пархун цIа рекIунеб; **~ий газ** цIа рекIунеб газ **2.** *в знач. сущ.* **~ее** пархун цIа рекIунеб материал (*бензин, нарт ва ц.*)

ГОРЮ́Ч//ИЙ,[2] -ая, -ое: **пла́кать ~ими слеза́ми** *разг.* бухIараб магIу тIун, гIодизе

ГОРЯ́НКА *ж* магIарулай

ГОРЯ́Ч//ИЙ, -ая, -ое 1) бухIараб, багIарараб, боркьараб; **~ая во́да** бухIараб лъим 2) (*выражающий глубину чувства*) боркьараб, хIалуцараб, хIасратаб; **~ая любо́вь** хIасратаб (хIалуцараб, боркьараб) рокьи; **~ее жела́ние** кIудияб гъира 3) (*вспыльчивый*) щцин бахъунев, хехдарулев; **~ий челове́к** щцин бахъунев, хехдарулев чи 4) (*напряженный*) хIалуцараб; **~ая рабо́та** хIалуцараб хIалтIи ◊ **по ~им следа́м** цIияб лъакIда хадур; **под ~ую ру́ку** щцим бахъараб мехалъ данде чIвазе, цеве ватизе, щцидакье кодове щвезе

ГОРЯЧИ́ТЬ *несов. кого-что* (*возбуждать*) хIалуцинабизе, гьалагIъизабизе; **~ ло́шадь** чу гьалагIъизабизе

ГОРЯЧИ́//ТЬСЯ *несов.* хехдаризе, щцидахине; **успокойся, не ~сь** гIодове виччай, хехдаруге

ГОРЯ́ЧК//А *ж разг.* 1) *уст.* (*лихорадка*) цIа-кангун сири; **лежа́ть в ~е** сириялъ унтизе 2) (*спешка*) хIалакин, гIедегIахъди, кьалха-риххи; **~а пе́ред отъе́здом** сапаралда цебесеб кьалха-риххи (гIедегIахъди) 3) (*азарт*) шавкъ (хIал) бачIин; **биржева́я ~** биржаялда букIунеб рихха-хочи ◊ **поро́ть ~у** хехдаризе, гIедегIахъдизе

ГОРЯ́ЧНОСТЬ *ж* (*вспыльчивочть*) хехдари, гIедегIахъди, хехго щцин бахъин

ГОРЯЧО́ 1. *нареч.* (*пылко*) цIакъ кутакалда; **я ~ тебе́ сочу́вствую** дун дуда кутакалда гурхIула, дир дуда цIакъ ракI унтула; **~ люби́ть** кутакалда вокьизе **2.** *в знач. сказ. безл.* бухIун (багIарун, боркьун) буго; **рука́м ~** кверал рухIулел (рухIизарулел) руго

ГОСБА́НК *м* (*государственный банк*) госбанк (*пачалихъа-лъул банк*)

ГОСБЕЗОПА́СНОСТ//Ь *ж*: **о́рганы ~и** пачалихъалъул хIинкъигьечIолъиялъул органал (идараби)

ГО́СБЮДЖЕ́Т *м* (*государственный бюджет*) госбюджет (*пачалихъалъул бюджет*)

ГОСПИТАЛИЗА́ЦИЯ *ж* (*по гл.* **госпитализи́ровать**) госпиталалда лъей (вегизави)

ГОСПИТАЛИЗИ́РОВАТЬ *сов. и несов. кого-что*: **~ больно́го (раненого)** унтарав (лъукъарав) госпиталалда лъезе (вегизавизе)

ГО́СПИТАЛЬ *м* госпиталь, аскарияб больница

ГО́СПЛА́Н *м* (*государственная плановая комиссия*) госплан (*пачалихъалъул планазулаб комиссия*)

ГОСПОДИ́Н *м* 1) *офиц.* господин, бетIергIахъад; **~ профе́ссор** бетIергIахъад профессор 2) (*повелитель*) господин, бе-тIергъан, буюрухъчи, ихтияр кодосев; **раб и ~** лагъги бетIер-гьанги 3) (*хозяин*) хважаин, бетIергъанчи; **он ~ своего́ сло́ва** дов жиндирго рагIул хважаин вуго

ГОСПО́ДСК//ИЙ, -ая, -ое *уст.* (*помещичий*) господабазул(аб), бариназул(аб), хважайинзабазул(аб); **~ие зе́мли** хважаинзабазул ракьал

ГОСПО́ДСТВО *с* кверщел (бетIергъанлъи, хIакимлъи) гьаби; **~ в во́здухе** гьаваялда кверщел гьаби; **полити́ческое ~** политикияб кверщел гьаби

ГОСПО́ДСТВ//ОВАТЬ *несов.* 1) *где* (*властвовать*) кверщел (бетIергъанлъи, хIакимлъи) гьабизе 2) (*преобладать*) цIикIкIараблъун (гIемерисеблъун, тIибитIараблъун) букIине; **в на́ших леса́х ~ует сосна́** нижер рохьазда гIемерисеб накIкIигъветI буго 3) *над кем-чем* (*возвышаться*) борхалъизе; **Эльбру́с ~ует над всем Кавка́зским хребто́м** Эльбрус тIолабго Кавказалъул мугIрузул щобалдаса борхатаб буго

ГОСПО́ДСТВУЮЩ//ИЙ, -ая, -ее 1) (*находящийся у власти*) кверщел (хIакимлъи) гьабулеб; **~ий класс** хIакимлъи гьабулеб класс 2) (*преобладающий*) бищун цIикIкIараб (тIибитIараб), гIемерисезулаб; **~ие взгля́ды** бищун тIиритIарал пикраби

ГОСПО́ДЬ *м рел.* аллагь, бечед; **~ его́ зна́ет!** аллагьасда лъала гьеб!; **не дай го́споди!** аллагьас цIунаги!

ГОСПОЖА́ *ж* 1) *офиц.* бика 2) (*повелительница*) бетIергьан(чIужу), ихтияр кодосей, буюрухъчIужу 3) (*хозяйка*) хозяйка, бетIергъан

ГОССЕ́КТОР *м* пачалихъалъ бетIергъанлъи гьабулеб бакI

ГО́ССТРА́Х *м* (*государственное страхование*) госстрах (*пачалихъалъулаб страхование*)

ГОСТЕВ//О́Й, -а́я, -о́е: **~ой биле́т** гьоболасул (гьоболасе бугеб) билет; **~ые места́** гьалбадерил (гьалбадерие ругел) бакIал

ГОСТЕПРИИ́МНО *нареч.* гьобол вокьун (кIодо гьавун), гьоболасул хIурмат гьабун; **~ встре́тить** гьобол вокьун, дандечIвай гьабизе

ГОСТЕПРИИ́МН//ЫЙ, -ая, -ое гьобол вокьулев (хирияв, кIодо гьавулев), гьоболасул хIурмат гьабулев; **~ые лю́ди** гьобол вокьулел (хириял) чIагIи (гIадамал)

ГОСТЕПРИИ́МСТВО *с* гьобол вокьи (хиралъи), гьоболасул хIурмат гьаби; **ока́зывать ~** *кому-л* гьобол вокьи загьир гьабизе, гьоболасул хIурмат гьабизе, гьобол хIурматалда къабул гьавизе

ГОСТИ́НАЯ *ж* 1) (*комната*) гьоболасул (гьалбадерил) рукъ 2) (*мебель*) гьалбадерил рукъалъе мебелалъул комплект

ГОСТИ́НЕЦ *м разг.* сайигъат

ГОСТИ́НИЦ//А *ж* гостиница; **останови́ться в ~е** гостиницаялда рещтIине

ГОСТИ́НЫЙ, -ая, -ое *уст.*: **~ двор** базаргабазул азбар-къоно (*цо-цо шагьаразда некIого даран-базаралъе ганчIил рарал кьерал, мухъал*)

ГОСТИ́ТЬ *несов.* гьоболлъухъ вукIине (рештIине), гьоболлъи базе

ГОСТ//Ь *м* гьобол; **он у нас ре́дкий ~ь** дов нижехъе къанагIат щолев гьобол вуго; **пойти́ в ~и** гьоболлъухъ ине ◊ **в ~ях хорошо́, а до́ма лу́чше** *посл.* гьоболлъухъ лъикI, рокъоб дагьабги лъикI (*аби)*

ГО́СТЬЯ *ж* гьоболай

ГОСУДА́РСТВЕННОСТЬ *ж* пачалихълъи, пачалихъияб гIуцIи

ГОСУДА́РСТВЕНН//ЫЙ, -ая, -ое пачалихъияб, пачали-хъалъул(аб); **~ые грани́цы** пачалихъалъул гIорхъаби; **~ый герб** пачалихъалъул герб; **~ый гимн** пачалихъалъул гимн

ГОСУДА́РСТВО *с* пачалихъ

ГОСУДА́РЫНЯ *ж ист.* пача (*чIужугIадан*)

ГОСУДА́РЬ *м ист.* пача; **ми́лостивый ~!** (*обращение*) бетIерчIахъад! бетIер чIахъаяв пача!

ГОТОВА́ЛЬНЯ *ж* готовальня (*чертежал рахъизе хIажалъулеб тIагIел-гIуч1)*

ГОТО́ВИТЬ *несов. кого-что* хIадур гьабизе, къачIазе; **~ уро́к** дарс хIадур гьабизе; **~ специали́стов** специалистал хIадур гьаризе; **~ специали́стов для наро́дного хозя́йства** халкъияб магIишаталъе специалистал хIадур гьаризе; **~ обе́д** къадеквен гьабизе; **~ обе́д для семьи́** хъизаналъе къадеквен гьабизе; **~ дрова́ на́ зиму** хасалоялде цIул хIадур гьабизе

ГОТО́В//ИТЬСЯ *несов.* 1) *к чему и с неопр.* хIадурлъизе, хIадуризе, къачIадизе; **кни́га ~ится к изда́нию** тIехь басмаялде бахъизе хIадурулеб буго; **он ~ится защища́ть диссерта́цию** дов диссертация цIунизе хIадурлъулев вуго 2) (*надвигаться, назревать*) тIаде гIагарлъизе (гIунтIизе); **~ятся кру́пные собы́тия** кIудиял лъугьа-бахъинал тIаде гIунтIулел руго

ГОТО́ВНОСТЬ *ж* 1) (*согласие*) разилъи; **он вы́разил свою́ ~ сде́лать это** дос гьеб гьабизе жиндир разилъи загьир гьабуна 2) (*подготовленность*) хIадурлъи, хIадур вукIин; **боева́я ~** рагъулаб хIадурлъи

ГОТО́В//ЫЙ, -ая, -ое 1) *к чему и с неопр.* (*подготовленный*) хIадураб; **они́ ~ы к экза́менам** дол экзаменазде хIадур руго 2) *на что и с неопр.* (*согласный на что-л.*) разияв *сундуего*; **~ на всё** сундуего, киналдаго разияв; **он ~ помо́чь** дов кумек гьабизе разияв (хIадурав) вуго 3) (*годный к употреблению*) хIадураб, хIадур гьабураб, пайда босизе бегьулеб; **~ое пла́тье** хIадур гьабураб гурде ◊ **жить на всём ~ом** живго кваличIого, цогидаз гьабун кьуралдасан гIумру гьабизе

ГОЩУ́ , ГОСТИ́ ШЬ *и т. д. наст. от* **гости́ ть**

ГРАБ *м бот.* лъор (*гъвет1)*

ГРАБЁЖ *м* хъачагъльи, талавур, гъара

ГРАБИ́ ТЕЛЬ *м* хъачагъ, талавурчи, гъарачи

ГРАБИ́ ТЕЛЬСК//ИЙ, -ая, -ое хъачагъаб, хъачагъльиялъул(аб); талавурчилъиялъул(аб), гъарачилъиялъул(аб); **~ая поли́ тика** хъачагъльиялъулаб политика; **~ая война́** талавурчилъиялъулаб рагъ

ГРА́БИТЬ *несов. кого-что прям., перен.* тала (гъара, хъачагъльи) гьабизе

ГРА́БЛИ *мн.* кьохорхо

ГРАВЁР *м* гравер (*бикIун металлалда ва ц. квакIараб жоялда сурат, накъыш гьабулев устар*)

ГРА́ВИ//Й *м* чабах; **посы́ пать доро́жку ~ем** нухде чабах базе (щвезе)

ГРАВИРОВА́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое бикIун накъыщ, хъвай-хъвагIай гьабиялъул (гьабулеб); **~ инструме́нт** бикIун накъыщ, хъвай-хъвагIай гьабулеб алат

ГРАВИРОВА́ТЬ *несов. что и без доп.* бикIун накъыщ, хъвай-хъвагIай гьабизе; **~ портре́т на ко́сти** рокьода бикIун портрет (сурат) гьабизе

ГРАВИРО́ВКА *ж* **1.** (*по гл.* **гравирова́ть**) бикIун накъыщ, хъвай-хъвагIай гьаби **2.** бикIун гьабураб накъыщ, хъвай-хъвагIай

ГРАВИРО́ВЩИК *м* гравировщик (*гравировка гьабулев чи*)

ГРАВИРО́ВЩИЦА *ж* гравировщица (*гравировка гьабулей гIадан*)

ГРАВЮ́ РА *ж* гравюра (*цебеккунго квералъ бикIараб сураталдаса гочинабураб сурат*); **~ на де́реве** цIулалда (хъорщода) гьабураб гравюра; **~ на мета́лле** металлалда гьабураб гравюра

ГРАД[1] *м* 1) горо, цIер, горо-цIер; **вы́ пал си́ льный ~** кутакаб горо бана 2) *чего перен.:* **~ вопро́сов** цIакъ гIемерал суалал

ГРАД[2] *м уст. см.* **го́род**

ГРАДА́ЦИЯ *ж* градация (*цокIалго тартибалда цоялдаса цогидалде хиси*)

ГРАДОБИ́ ТИЕ *с* цIералъ (гороялъ) чIвай (хвезаби)

ГРА́ДОМ *нареч.* горо гIадин, горолъун; **слёзы лью́тся ~** магIу горолъун чвахулеб буго; **уда́ры сы́пались ~** кьабиялъул горо балеб хIисаб букIана

ГРАДОСТРОЕ́НИЕ *с см.* **градострои́ тельство**

ГРАДОСТРОИ́ ТЕЛЬСТВО *с* шагьарал рай

ГРА́ДУС *м* 1) градус (*гораллъул I/360 бутIа*); **угол в 45 ~ов** 45 градус бугеб бокIон 2) градус (*хинлъи-цIороялъул даража борцунеб единица, бутIа*); **вчера́ бы́ ло 20 ~ов моро́за** сон цIороялъул 20 градус букIана 3) градус (*спирталъулал гьекъолел жалазулъ спирталъул къадар, процент бихьизабулеб единица*); **конья́ к в 60 ~ов** 60 градусалъул коньяк ◊ **быть под ~ом** мехтун вукIине, цIани магIарде рахине

ГРА́ДУСНИК *м* градусник, термометр (*хинлъи-цIорой борцунеб алат*)

ГРАЖДАНИ́ Н *м* гражданин (*пачалихъалда бугеб халкъалъул членлъунги кколев, законалъ рихьизарурал киналго ихтияралги ругев, законалъ тIадаллъун гьарурал борчалги тIуразарулев чи*)

ГРАЖДА́НКА *ж* гражданка, *женск. к* **граждани́ н**

ГРАЖДА́НСК//ИЙ, -ая, -ое гражданияб; **~ий возду́шный флот** гражданияб гьаваялъулаб флот; **~ая война́** граждан рагъ; **~ая панихи́да** хварав чиясул хIурмат цIунун гьабулеб ракIари; **~ий брак** гражданияб ригьин

ГРАЖДА́НСТВ//О *с* гражданлъи; **получи́ ть права́ ~а** гражданлъиялъул ихтиярал щвезе; **приня́ ть ~о** гражданлъи босизе

ГРАМЗА́ПИС//Ь *ж* грамзапись; **передава́ть по ра́дио му́зыку в ~** радиоялдасан грамзаписалда гьабураб музыка биччазе

ГРАММ *м* грамм

ГРАММА́ТИКА *ж* грамматика; **~ ава́рского языка́** авар мацIалъул грамматика

ГРАММАТИ́ ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое грамматикияб; **~ая оши́ бка** грамматикияб гьалатI

ГРАММ-А́ТОМ *м физ., хим.* грамм-атом (*атомалъул массаялда бащадаб химикияб элементалъул граммазул къадар*)

ГРАММ-МОЛЕ́КУЛА *ж физ., хим.* грамм-молекула (*молекулярияб массаялда бащадаб химикияб веществоялъул граммазул къадар*)

ГРАММОФО́Н *м* граммофон (*патефон*)

ГРАММОФО́НН//ЫЙ, -ая, -ое граммофоналъул; **~ая пласти́ нка** граммофоналъул пластинка (гьаракь хъвараб пластинка)

ГРА́МОТ//А *ж* 1) хъвазе-цIализе лъай; **учи́ться ~е** хъвазе-цIализе лъазабизе (ругьунлъизе) 2) (*документ*) грамота; **похва́льная ~а** реццалъул грамота ◊ **фи́лькина ~а** *ирон.* пайда гьечIеб кагъат; *кинаб букIаниги* къуват гьечIеб документ

ГРА́МОТНО *нареч.* 1) гьалатI гьечIого (биччачIого) 2) (*умело*) дурусго, иш лъан, битIун

ГРА́МОТНОСТЬ *ж* 1) (*умение читать и писать*) хъвазе-цIализе лъай 2) (*письма, сочинения и т.п.*)хъварал жал (*кагъатал, асарал ва ц.*) 3) (*осведомленность*) лъай буголъи, иш лъай; **политическая ~** политикияб лъай буголъи

ГРА́МОТН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*умеющий читать и писать*) хъвазе-цIализе лъалев 2) (*не содержащий грамматических ошибок*) грамматикиял гьалатIал гьечIеб; **~ое сочине́ние** грамматикиял гьалатIал гьечIеб сочинение 3) (*осведомленный, знающий*) лъай бугев, иш лъалев; **он ~ый инжене́р** дов лъай бугев (иш лъалев) инженер вуго 4) (*правильно сделанный*) битIун (иш лъан) гьабураб; **~ый чертёж** битIун бахъараб чертеж

ГРАМПЛАСТИ́ НКА *ж* грампластинка

ГРАНА́Т[1] *м* (*дерево и плод*) (*цIоралъул*) соно

ГРАНА́Т[2] *м* (*драгоценный камень*) гранат (*бецIбагIараб хирияб гамач1)*

ГРАНА́ТА *ж воен.* граната, кверзул бомба; **противота́нковая ~** танказда данде хIалтIизабулеб граната

ГРАНА́ТН́ /ЫЙ, -ая, -ое *воен.* гранатаялъул(аб); **~ые оско́лки** гранатаялъул кескал

ГРАНА́ТОВ́ /ЫЙ[1]**,** -ая, -ое 1) сонодул; **~ое де́рево** сонодул гъветI 2) (*о цвете*) сонодул кьер

ГРАНА́ТОВ́ /ЫЙ[2]**,** -ая, -ое (*о драгоценном камне*) граната-лъул, гранат гамачIалъул

ГРАНАТОМЁТ *м воен.* гранатомет (*граната речIчIулеб ярагъ*)

ГРАНАТОМЁТЧИК *м воен.* гранатометчик (*гранатаби рехулев, речIчIулев рагъухъан*)

ГРАНДИО́ЗНОСТЬ *ж* цIакъ кIодолъи

ГРАНДИО́ЗН́ /ЫЙ, -ая, -ое цIакъ кIудияб, залимаб, чIахIияб; **~ое строи́ тельство** цIакъ кIудияб балеб бакI; **~ые за́мыслы** чIахIиял мурадал (пикраби)

ГРАНЁНЫЙ, -ая, -ое 1) хьалбал ругеб; **~ стака́н** хьалбал (бокIнал) ругеб стакан 2) хьалбал гьаруараб (лъугьинаруараб); **~ хруста́ль** хьалбал гьаруараб хрусталь

ГРАНИ́ Т *м* чарангьецIо, гранит

ГРАНИ́ТН//ЫЙ, -ая, -ое чарангьецIоялъул(аб), гранита-лъул(аб); **~ая набе́режная** граниталъ къараб рагIал (*ралъдал*, *гIурул*); **~ая глы́ ба** чарангьецIоялъул (граниталъул) кIудияб тIел

ГРАНИ́ТЬ *несов. что* хьалбал лъугьинаризе (*буцIун, бекIкIун, цIвакизабун ганчIида, цIералда, металлалда ва ц.*); **~ алма́зы** алмазазул хьалбал лъугьинаризе (цIвакизаризе), алмазал къачIазе

ГРАНИ́Ц//А *ж* 1) гIурхъи; **госуда́рственная ~а** пачалихъа-лъул гIурхъи 2) *мн.* **~ы** *перен.* (*предел*) гIурхъи; **перейти́ все ~ы** киналго гIорхъаби тезе, тIасан ворчIизе; **за ~ей** гIурхъи тун къватIибехун; **из-за ~ы** гIорхъодаса жанибе

ГРАНИ́ЧИ//ТЬ *несов. с чем* 1) гIурхъи цояб букIине; **Монго́лия ~т с Кита́ем** Монголиялъулги Китаялъулги гIурхъи цо буго 2) *перен.* цоцада релълъараллъун яги цого цо жолъун ру-кIине; **тру́сость в бою́ ~т с преда́тельством** хIинкъиги хиянатчилъиги рагъда цого жолъун ккола

ГРА́НКА *ж полигр.* гранка (*басмаялде бахъулеб тексталъул гьабураб набор, гьурмал гьаризегIан, цо кагътиде бахъи ва гьедин бахъараб текст*); **пра́вить корректу́ру в ~х** гранкабазда гьалатIал ритIизаризе

ГРАНУЛИ́РОВАТЬ *сов. и несов. что с.-х.* гIисин гьабизе, гарахинабизе, мугьахинабизе

ГРАНУЛЯ́ ЦИЯ *ж* 1) *с.-х.* гIисинлъизаби, мугьахинаби, гарахинаби; **~ удобре́ний** хур беэн гьарулел жал мугьахинари 2) *мед.* дагь-дагь ккун ругънада цIияб гьан бижи

ГРАН//Ь *ж* 1) *мат.* хьибил; **у ку́ба шесть ~ей** кубалъул анлъго хьибил буго 2) *перен.* гIурхъи, мицIир; **стира́ние ~ей ме́жду физи́ческим и у́мственным трудо́м** физикияб ва гIакълиябгIахIалтIабазда гьоркьоб гIурхъи тIагIин; **провести́ ~ь ме́жду …** гIурхъи чIвазе … гьоркьоб; **быть на ~и** *чего-л. сундулниги* гIорхъоде щвезе ◊ **на ~и безу́мия** гIадаллъиялъул гIорхъода, гIантлъиялде гIагарун; **на ~и войны́** рагъ ккеялда хIинкъараб хIалалда

ГРАФ *м* граф (*кнIязасдаги баронасдаги гьоркьосеб дворяназул титул ва гьеб титул бугев чи*)

ГРАФА́ *ж* графа (1 *таблицаялда кIиго вертикалияб хIуччалда гьоркьоб бугеб бакI яги хIуби*; 2 *тексталъул раздел, рубрика*)

ГРА́ФИК[1] *м* 1) (*диаграмма, схема*) график; **~ движе́ния поездо́в** поездал хьвадиялъул график 2) (*план работ*) график; **рабо́тать по ~у** графикалда рекъон, хIалтIизе

ГРА́ФИК[2] *м* (*художник*) график (*графикаялъул специалист*)

ГРА́ФИКА *ж* графика (I *релъен гьечIого, хIуччаздалъун ва штрихаздалъун сурат гьабулеб махщел; гьеб къагIидаялда гьабураб сурат;* 2 *лингв. хIарпал хъвалеб куц*)

ГРАФИ́ Т *м* 1) *мин.* графит 2) (*в карандаше*) графит (*къалмил хъвадарулеб бутIа, ракI)*

ГРАФИ́ ТЬ *несов. что* хIуччал цIазе, мухъал рахъизе; хIуччал цIан, графаби гьаризе; **~ бума́гу** кагътида, хIуччал цIан, графаби гьаризе

ГРАФЛЕ́НИЕ *с* мухъал рахъи, хIуччал цIай, графаби гьари

ГРАФЛЁН//ЫЙ, -ая, -ое хIуччал цIараб, мухъал рахъараб, графаби гьарураб; **~ая бума́га** мухъал рахъараб (графаби гьарураб) кагъат

ГРАФО́ЛОГ *м* графолог (*графологиялъул специалист*)

ГРАФОЛО́ГИЯ *ж* графология (*хатIалъухъ балагьун, чиясул хасият лъазабулеб гIелму*)

ГРА́ФСТВО *с* 1) (*титул*) графлъи 2) (*административно-территориальная единица*) графство (*графасул кверщаликь бугеб бакI)*

ГРАЦИО́ЗНО *нареч.* гьайбат(го), чIуркан(го), чергес(го)

ГРАЦИО́ЗНОСТЬ *ж* гьайбатлъи, чIурканлъи, чергеслъи

ГРАЦИО́ЗНЫЙ, -ая, -ое гьайбатаб, чIурканаб, чергесаб; **~ая де́вушка** гьайбатай яс

ГРА́ЦИЯ *ж* гьайбатлъи, чIурканлъи, чергеслъи

ГРАЧ *м* цIумагъедо, цIимирко

ГРЕБЁНК//А *ж* гьоркьо ◊ **стричь всех под одну́ ~у** лъикIавквешав, витIарав-тIекъав ватIа гьавичIого, киналго ращад гьаризе, цого даражаялда лъезе

ГРЕ́БЕНЬ *м* 1) гьоркьо; **ча́стый ~** ризаб гьоркьо 2) (*у птиц*) къама, тIеметIи; **петуши́ный ~** хIелкил тIеметIи 3) (*волны*) мицIир, тIогь (*карачелалъул*), (*горы*) щоб, бал 4) *текст.* гьоркьо

ГРЕБЕ́Ц *м* рахханалъ раса бачунев чи, рахханчи

ГРЕБЕШО́К *м* 1) гьоркьо (*гьитIинаб*) 2) тIеметIи (*гьитIинаб*)

ГРЕ́БЛЯ *ж* 1) раххназ лъим ххай, раххназ раса бачин; **академи́ческая ~** *спорт.* академияб лъим хай 2) хай, бакIари; **~ сена́** хер хай (бакIари)

ГРЕБН//О́Й, -а́я, -о́е 1) раххназ лъим хаялъул(аб); **~о́е су́дно** раххназ бачунеб гама; **~о́й спорт** раххназ лъим хаялъул спорт 2) лъим халеб; **~ое колесо́** лъим халеб чарх (*гамил*); **~ой вал** *мор.* гамил лъим халеб чархил хIос

ГРЕБУ́ , ГРЕБЁШЬ *и т.д. наст. от* **грести́**

ГРЁЗ//А *ж* 1) (*мечта*) хиял, анищ; **де́вичьи ~ы** ясазул анищал (хиялал) 2) (*сновидение*) макьу бихьи, макьилъ бихьараб жо

ГРЕ́ЗИТЬ *несов.* 1) (*мечтать*) хиялал гьаризе 2) (*видеть во сне*) макьилъ бихьизе (цебе тIамизе), гьелда божизе

ГРЕ́ЗИТЬСЯ *несов.* 1) (*представляться в воображении*) цебе тIамизе 2) (*сниться*) макьилъ цебе тIамизе

ГРЕ́ЙДЕР *м* 1) *тех.* грейдер (*нухал ритIа-ришизарулеб, каналал рахъулеб машина*) 2) грейдералъ битIизабураб нух

ГРЕК *м* грекав

ГРЕ́ЛК//А *ж* грелка; **положи́ ть ~у к нога́м** хIатIазда грелка лъезе

ГРЕМ//ЕТЬ *несов.* 1) гьугъадизе, чвархъезе, зваргъезе; **гром ~ит** зоб гьугъалеб буго; **~еть ключа́ми** кIулал зваргъезаризе 2) *перен. т*IибитIизе: **и́мя его́ ~е́ло по всему́ ми́ру** гьесул цIар тIолго дунялалдаго тIибитIун букIана

ГРЕМУ́ Ч//ИЙ, -ая, -ее: **~ий газ** кьвагъулеб газ; **~ая ртуть** кьвагъулеб лъамамесед

ГРЕСТИ́ *несов.* 1) (*веслами*) раххназ лъим хазе 2) *что чем* хазе, бакIаризе; **~ се́но гра́блями** кьохорхоялъ хер хазе (бакIаризе)

ГРЕ//ТЬ *несов. в разн. знач.* хинлъизабизе, хинлъи кьезе; **со́лнце ~ет** бакъуца хинлъи кьолеб буго; **печь ~ет дом** печалъ рукъ хинлъизабулеб буго; **шу́ба ~ет** тIингъица хинлъизарула (хинлъи ккола, квачалдаса цIунула); **~ть во́ду** лъим хинлъизабизе (бахьизабизе) ◊ **~ть руки** *на чем-л. разг.* тIекъаб, хIилла-макруяб, хIалихьатаб куцалъ бечелъизе

ГРЕ́//ТЬСЯ *несов.* 1) хинлъизе, хинлъи босизе; **~ться на со́лнце** бакъалда чIун, хинлъизе 2) (*становиться теплым*) хинлъизе, бахьизе, ругьи бекизе; **вода́ ~ется** лъим хинлъулеб бугo

ГРЕХ *м* 1) *рел.* мунагь 2) *перен.* (*предосудительный поступок*) такъсирияб иш, гIайиб, мунагь; **~и мо́лодости** гIолохъан-лъиялъул мунагьал; **э́то мой ~** гьеб дир гIайиб буго (ккола) 3) *в знач. сказ.* мунагь буго ◊ **с ~о́м попола́м** хIалималалъ, хIали-малица, хIалицаго гIадин; **что (не́чего) ~а́ таи́ть** бахчун щиб гьабилеб, мукIурлъизе ккола

ГРЕХО́ВН//ЫЙ, -ая, -ое *уст.* мунагьаб, мунагь бугеб; **~ые мы́ сли** мунагьал пикраби

ГРЕ́ЦКИЙ, -ая, -ое: **~ оре́х** цIулакъо (чIахIияб цIулакъо)

ГРЕЧА́НКА *ж* грекай

ГРЕ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое греказул(аб); **~ язы́ к** грек мацI

ГРЕЧИ́ ХА *ж* гречиха

ГРЕ́ЧНЕВ//ЫЙ, -ая, -ое гречихаялъул(аб); **~ая ка́ша** гречихаялъул (гречкаялъул) карщ

ГРЕШИ́ ТЬ *несов.* 1) *рел.* мунагь гьабизе 2) *против чего* данде ккунгутIизе; **~ про́тив истины** хIакъикъаталда данде ккунгутIизе

ГРЕ́ШНИК *м* мунагьал гьарулев чи, гIайиб (хатIа) ккарав чи

ГРЕ́ШНИЦА *ж* мунагьал гьарулей гIадан, гIайиб (хатIа) ккарай гIадан

ГРЕШНО́ *нареч. в знач. сказ. с неопр. разг.* гIайиб буго; **~ забыва́ть друзе́й** гьудулзаби кIочен гIайиб буго; **~ так говори́ть** гьедин абизе гIайиб буго

ГРЕ́ШН /ЫЙ, -ая, -ое мунагьаб, мунагь (гIайиб) бугеб; **~ый челове́к** мунагьав чи ◊ **~ым де́лом** *в знач. вводн. сл.* битIун бицани; **он, ~ым де́лом, лю́ бит пое́сть** гьесие, битIун бицани, лъикI кваназе бокьула

ГРИБ *м* гIурдахIан; **бе́лый ~** хъахIаб гIурдахIан; **собира́ть ~ы** гIурдахIанал ракIаризе; **ядови́тый ~** загьруяб гIурдахIан ◊ **расту́т, как ~ы по́сле дождя́** цIад бан хадуб гIурдахIанал гIадин, рижулел (гIун рачIунел) руго

ГРИБНИ́ ЦА *ж* 1) *бот.* гIурдахIаналъул вегетативияб бутIа (*тIеренал жема-къемарал, рухьа-рутIарал куназдасан гIуцIараб гIурдахIаналъул ракьулъ букIунеб бутIа*) 2) гIурдахIанал рижизарулеб бакI 3) гIурдахIаназул чурпа 4) гIурдахIан бакIарулей гIадан

ГРИБН//О́Й, -а́я, -о́е гIурдахIаназул(аб); **~ой суп** гIурдахIаназул чурпа; **~о́е ме́сто** гIурдахIанал рижулеб бакI ◊ **~о́й дождь** бакъул канлъухъе балеб цIад, бакъги щун, балеб цIад

ГРИБОВО́Д *м* гIурдахIанал гIезарулев чи

ГРИБО́К *м* 1) *уменьш. от* **гриб** 2) *биол.* (*микроорганизм*) грибок (*ккал, хен чIвазабулеб, гьединго батIи-батIиял къватIисел унтаби рахинарулеб микроорганизм*) 3) (*для штопки*) грибок (*щватаби щушунелъул хIалтIизабулеб гIурдахIаналда релъараб цIулал алат*)

ГРИ́ ВА *ж* 1) (*у животных*) жал; **лошади́ ная ~** чодул жал 2) (*о волосах человека*) кар (*гIадамасул ботIрода*)

ГРИ́ ВЕННИК *м разг.* кIиго шагьи, анцIго капек

ГРИЛЬ *ж* 1) гIанкIу бежулеб печь 2) бежараб гIанкIу бичулеб бакI

ГРИМ *м театр.* 1) грим, уба (*сценаялде рахъиналде артистаз гьумер хисизабизе хIалтIизабулеб жо – релъен, седолеб михъ-мегеж ва ц.*); **игра́ть в ~е** гримги гьабун, хIазе; **наложи́ ть ~** грим гьабизе (лъезе, бахине) 2) (*специальная краска*) грим гьабизе хIалтIизабулеб релъен

ГРИМА́С/А *ж* бер-кIал гьаби, кIал-бер кIичIи, гьумер кIичIизаби; **де́лать (стро́ить, ко́рчить) ~ы** бер-кIал гьабизе, кIал-бер кIичIизабизе

ГРИМА́СНИЧАТЬ *несов.* бер-кIал гьабизе, кIал-бер кIичIизабизе

ГРИМЁР *м* гример, гримчи (*артистазе грим гьабулев, лъолев специалист*)

ГРИМЁРША *ж* гримерша, *женск. к* **гримёр**

ГРИМИРОВА́ТЬ *несов.* 1) *кого-что* грим лъезе; **~ лицо́** гьурмада грим лъезе 2) *кого кем* грим лъун, *лъиданиги* релълъинавизе; **~ па́рня старико́м** гIолохъанчи, грим лъун, херасда релълъинавизе

ГРИМИРОВА́ТЬСЯ *несов.* жиндаго грим лъезе

ГРИПП *м* грипп; **заболе́ть ~ом** гриппалъ унтизе

ГРИППОВА́ТЬ *несов. разг.* гриппалъ унтизе

ГРИППО́ЗНЫЙ, -ая, -ое гриппалъул(аб)

ГРИФ[1] *м* 1) *миф.* гриф (*некIсиял греказул ва римазул мифологиялда: цIудул бетIер бугеб, черх гьалбацIил гIадаб жанавар*) 2) (*птица*) чудук

ГРИФ[2] *м* гриф (I *лъилниги гьолбас яги цоги квералъ хъвараб текст тIад бугеб мугьру яги штемпель* 2 *тIехьалда яги документалда тIад гьабураб хъвай-хъвагIай*)

ГРИ́ФЕЛЬ *м* грифель (*ганчIил къанида хъвадаризе хIалтIизабулеб миччилалъул къалам*)

ГРОБ *м* табут (*хварав чи лъолеб гъамас, ящик*) ◊ **идти́ за ~ом** хварав чи тIовитIизе (*хабалъе*); **до ~а** хвезегIан; **вогна́ть в ~** хабалъе инавизе; **одна́ нога́ в ~у** хвел гIагарлъун буго; хабалъе бох бегьун буго

ГРОБНИ́ЦА *ж* хварав чи жанив лъураб табут цIунизе гранталъул яги мармаралъул чIухIизабун бараб бакI

ГРОБОВ//О́Й, -а́я, -о́е хабалаб, лахIдуялъул(аб), табута-лъул(аб) ◊ **~а́я тишина́** кутакаб сасин, хабалъ гIадинаб сихIкъотIи; **до ~о́й доски́** хвезегIан

ГРОБОВЩИ́К *м* табутазул устар, табутал гьарулев чи

ГРОЗА́ *ж* 1) пирхи-гьугъайгун балеб чвахунцIад; **разрази́ -лась ~** циндаго пирхи-гьугъайгун чвахун цIад базе лъугьана 2) *перен. кого-чего и без доп.* балагь; **лев – ~ лесо́в** гьалбацI – рохьазул балагь (рохьил хIайваназе балагь)

ГРОЗДЬ *ж* хьоп (*тIогьол, цIолбол, гIисинпихъил ва ц.*); **висе́ть ~ями** цIолбол хьопаллъун дализе

ГРОЗ//И́ ТЬ *несов.* 1) *кому и без доп.* хIинкъи кьезе; **~ить кулако́м** заруца хIинкъи кьезе 2) *кому* хIинкъи букIине; **ему́ ~ит вы́ -говор** гьесие выговор щвезе бегьула, гьесие выговоралъул хIинкъи буго

ГРОЗИ́ ТЬСЯ *несов. разг. см.* **грози́ ть**

ГРО́ЗНО *нареч.* хIинкъуледухъ, хIинкъулеб хIалалда, хIинкъи кьун, кьварун

ГРО́ЗН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*угрожающий*) хIинкъизарулеб, кьварараб; **~ый прави́ тель** кьварарав пачалихъалъул бетIер (хIаким) 2) (*внушающий страх*) хIинкъи бижизабулеб; **~ое ору́жие** хIинкъи бижизабулеб ярагъ, хвалил хъинкъи бугеб ярагъ

ГРОЗОВ//О́Й, -а́я, -о́е пири-гьугъайгун балеб; **~ые облака́** пири-гьугъайгун ралел чвахунцIадазул накIкIал

ГРОМ *м* 1) зоб гьугъай; **загреме́л** ~ зоб гьугъана 2) *чего перен.* кутакаб хъуй; **~ аплодисме́нтов** хъатчIваялъул кутакаб хъуй ◊ **~ среди́ я́сного не́ба** ракIалдаго гьечIого (тохлъукьего) ккараб жо; **мета́ть ~ы и мо́лнии** ццидахун гаргадизе, хIинкъи кьезе; **как ~ом поражённый** пири речIчIараб гIадин, пириялъ чIварав гIадин

ГРОМА́Д//А *ж* кIодоч, цIакъ кIудияб (залимаб) жо; **~ы гор** залимал мугIрул

ГРОМА́ДН//ЫЙ, -ая, -ое цIакъ кIудияб (залимаб); **~ое зда́ние** цIакъ кIудияб (залимаб) мина; **~ый успе́х** цIакъ кIудияб бергьенлъи

ГРОМИ́ Л//А *м разг.* 1) (*вор*) цIогьор (*кIулал тIутIун, жаниве кIанцIун бикъулев*) 2) (*погромщик*) гъури балев (пасат гьабулев, щущазабулев, биххизабулев) чи

ГРОМИ́ТЬ *несов. кого-что* 1) щущазабизе, гъуризе, биххизабизе, пасат гьабизе; **~ врага́** тушман гъуризе (щущах виххизавизе) 2) (*обличить*) къватIиб чIвазабизе

ГРО́МК//ИЙ, -ая, -ое 1) кутакаб, кIудияб; **~ий го́лос** зирараб (кIудияб) гьаракь 2) *перен.* машгьурлъараб, цIар рагIараб; **~ий успе́х** цIар араб бергьенлъи; **~ая сла́ва** машгьураб цIар; **~ие слова́** гьаракь биччан абурал рагIаби

ГРО́МКО *нареч.* ахIун, рагIун, гьаракь биччан (борхун), кутакалда; **~ крича́ть** кутакалда ахIдезе; **~ смея́ ться** гIагIадизе

ГРОМКОГОЛО́СЫЙ, -ая, -ое гьаракь кIудияб

ГРОМОВО́Й, -а́я, -о́е 1) гъугъаялъулаб 2) кутакалда кIудияб; **~ го́лос** кутакалда кIудияб гьаракь

ГРОМОГЛА́СНО *нареч.* кIудияб гьаракьалъ, киназдаго рагIуледухъ, ахIун, гьаракь биччан

ГРОМОГЛА́СН//ЫЙ, -ая, -ое кIудияб гьаркьил, ахIун (киназдаго рагIуледухъ, гьаракь биччан) абулеб (ахIулеб); **~ое заявле́ние** киназдаго рагIуледухъ гьабулеб лъазаби

ГРОМОЗДИ́ ТЬ *несов. что* тIатIала базе (лъезе); тIатIала бан, гохI гьабизе

ГРОМОЗДИ́/ТЬСЯ *несов.* 1) тартиб гьечIого, тIатIала бегун, гохI лъугьун букIине (*щибниги мазалияб жоялъул хIакъа-лъулъ*); **вдали́ ~лись го́ры** рикIкIада рукIана, тартиб гьечIого, эхетарал мугIрул 2) борхалъуда эхетун букIине; **сторожева́я бу́дка ~и́ тся на высо́ких столба́х** хъаравуласул будка рорхатал хIубазда тIад эхетун буго

ГРОМО́ЗДК//ИЙ, -ая, -ое бакIаб, гIемер бакI кколеб; **~ие ве́щи** бакIал ва гIемер бакI кколел жал (къайи)

ГРОМООТВО́Д *м* пиригьукъ

ГРО́МЧЕ *сравн. ст. к* **гро́мкий, гро́мко**

ГРОМЫХА́//ТЬ *несов. разг.* гъугъа(ди)зе, дваргъезе, чвархъезе, чвархъи-дваргъиялда букIине; **гроза́ прошла́, но вдали́ ещё ~ло** чвахунцIад къатIана, амма рикIкIада жеги гьугъалеб букIана

ГРОССМЕ́ЙСТЕР *м шахм.* гроссмейстер

ГРОТ[1] *м* (*пещера*) нохъо (*ралъдал рагIалда къурабалъ*)

ГРОТ[2] *м* (*парус*) грот (*гьорол гамида бигьараб гьоркыяб хIебет*)

ГРОТЕ́СК *м* гротеск (*искусствоялда: щибниги жо фантас-тикияб куцалда сурукъго ва гIадамал релъуледухъ бихьизаби*)

ГРОТЕ́СКНЫЙ, -ая, -ое гротескияб

ГРО́ХНУ//ТЬ *сов. разг.* 1) *кого-что* (*уронить*) гIодобе рехизе (*дванкиялда, чвархъиялда*); **~ть дрова́ на́ пол** чвархъиялда цIул гIодобе базе (рехизе) 2) (*произвести шум*) дваргъи (дванки, чвархъи, кьвагьи) бахъинабизе; **~л вы́стрел** кьвагьи (дваргъи) бахъана 3) (*расхохотаться*) гIагадизе; **~ть со́смеху** велъулаго гIагIадун виччазе

ГРО́ХНУТЬСЯ *сов. разг.* чвархъан (дванкан, гьванкан) гIодоб речIчIизе (ккезе); **~ с ле́стницы** малиялдаса вортун, дванкан гIодов речIчIизе

ГРО́ХОТ *м* кутакаб хъуй, дваргъи (гъугъай, гьванки, дванки, чвархъи); **~ пу́шек** гIарадабазул гъугъай

ГРОХОТА́НЬЕ *с* (*по гл.* **грохота́ть**) чвархъи-дваргъи (дванки-гьванки) бахъинаби

ГРОХОТА́ТЬ *несов.* дваргъи (чвархъи-двари) бахъинабизе, гъугъа(ди)зе; **гром грохо́чет** зоб гъугъадулеб буго

ГРОШ *м* 1) *уст. некIсияб* кIиго капек (*I657–I838 сс.*), *хадуб* башдаб капек (*I838–I9I7 сс.*) 2) *мн.* **~и** *разг.* (*маленькая сумма денег*) дагьа-макъаб гIарац, кепкал; **купи́ ть вещь за ~и́** кепказухъ (цIакъ учузго) жо босизе ◊ **ни в ~ не ста́вить** жойиде (къимат) гьабунгутIизе; **~а́ не сто́ит** кепкил багьаяб гьечIо; **быть без ~а́, не име́ть ни ~а́** капек (гIарац) гьечIого вукIине

ГРУБЕ́//ТЬ *несов.* (*становиться грубым*) хъачIлъизе

ГРУБИ́ ТЬ *несов. кому* хъачIаб рагIи абизе, хъачIго (адаб тун) кIалъазе

ГРУБИ́ЯН *м* адабгьечI, хъачIав чи

ГРУБИ́ЯНКА *ж* адабгьечI, хъачIай гIадан

ГРУ´ БО *нареч.* хъачIго, адаб тун (гьечIого); **~ обращáться с** *кем-л. лъиданиги* хъачIго (адаб тун) кIалъазе; **~ отвечáть** хъачIго жаваб кьезе ◊ **~ говоря́** хъачIго абуни (кIалъани)

ГРУ´ БОСТ//Ь *ж* хъачIлъи, согIлъи, адаб гьечIолъи (тей); хъачIаб рагIи; **наговори́ть ~ей** *кому-л. лъидениги* хъачIал рагIаби абизе; **отве́тить ~ью** хъачIаб рагIиялдалъун жаваб кьезе; **допусти́ть ~** *спорт.* хъачIлъи биччазе

ГРУБОШЁРСТН//ЫЙ, -ая, -ое чанлъаб расалъул (квасалъул); **~ые о́вцы** чанлъаб квасул гIи

ГРУ´ Б//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*неучтивый*) хъачIав, адаб гьечIев; **~ый челове́к** хъачIав (адаб гьечIев) чи; **~ый с това́рищами** гьалмагъзабаздехун хъачIав (адаб гьечIев) 2) (*жёсткий*) чанлъаб, хъачIаб, кIвакIараб; **~ое сукно́** кIвакIараб исхъали (сукно) 3) (*резкий – о голосе, смехе*) зунараб 4) (*недопустимый*) хъачIаб; **~ая оши́бка** биччазе бегьуларе, хъачIаб гьалатI; **~ое искаже́ние фа́ктов** хIужаби хъачIго хисизари; **~ое наруше́ние пра́вил** кьагIидаби (правилаби) хъачIго хвезари 5) (*недостаточно отделанный*) тIаса-масаго гьабураб; **~ая рабо́та** тIаса-масаго, махщел гьечIого гьабураб хIалтIи ◊ **~ый подсчёт** гIага-шагарго, тIаса-масаго гьабураб хIисаб-суал; **~ая пи́ща** гIадатияб квен

ГРУ́ДА *ж* гъуни, гохI; **~ камне́й** ганчIазул гъуни (гох1), гъогъогохI; **~ книг** тIахьазул гохI (гъуни)

ГРУДИ´ НА *ж анат.* мегьед; магьдил гьан

ГРУДИ´ НКА *ж* магьдил гьан; **копчёная ~** кIуй речIчIизабураб (кIкIуйдул кьеккен гьабураб) магьдил гьан

ГРУДНИ´ ЦА *ж* каранзул железаби унти

ГРУДН//О́Й, -а́я, -о́е 1) каранзул; **~а́я кость** каранзул ракьа; **~а́я кле́тка** каранзул къали 2) керен хахулеб; **~о́й ребёнок** керен хахулеб лъимер ◊ **~ой го́лос** роцIараб кIудияб гьаракь

ГРУДОБРЮ́ШН//ЫЙ, -ая, -ое: **~ая прегра́да** *анат.* чохьол турут, туруткрукъ (*карандаги чохьодаги гьоркьоб бугеб пардав*)

ГРУД//Ь *ж* 1) керен; **широ́кая ~** гIебаб керен; **дыша́ть по́лной ~ью** керен цIун, хIухьел цIазе 2) (*женская*) кеке; **отня́ть ребёнка от ~и́** лъимер карандаса тIезе; **корми́ть ~ью** кеке (керен) кьезе (хахизабизе) 3) (*верхняя передняя часть рубашки*) гурдил керен; **вы́ шитая ~** гурдил угьун къачIараб керен ◊ **встать ~ью** бахIарчилъиялда цIунизе

ГРУЖЁН//ЫЙ, -ая, -ое кьайидул (юк лъун) цIураб; **~ые вагóны** кьайидул цIурал вагонал

ГРУЗ *м* 1) (*тяжесть*) бакIлъи, бакIаб жо; **подве́сить ~** бакIлъи (бакIаб жо) гъоркь базе (дализабизе); **поле́зный ~** пайдаяб бакIлъи; **мёртвый ~** пайда (хайир) гьечIеб бакIлъи 2) (*товары*) кьайи, юк; **вагóны с ~ом** кьайигун (кьайидул цIурал) вагонал

ГРУЗД//Ь *м* груздь (*кваналеб гIурдахIанил цо тайпа*) ◊ **назва́лся ~ем, полеза́й в ку́зов** *посл.* тIаде босараб иш, ахиралде щун, тIубазабе

ГРУЗИ́ЛО *с рыб. чугIа кколаго, гъармахъ яги гьин лъелъе тIерхьине гIоло дализабулеб* тIухьидул *яги ц.* бакIлъи

ГРУЗИ´ Н *м* гуржияв

ГРУЗИ´ НКА *ж* гуржияй

ГРУЗИ́НСКИЙ, -ая, -ое гуржиязул, гуржи; **~ язы́к** гуржи мацI

ГРУЗИ´ ТЬ *несов. что кем-чем* юк (кьайи) лъезе; **~ вагóн мукой** вагоналда ханжу лъезе; **~ скот на ба́ржу** боцIи баржаялде бахинабизе

ГРУЗИ´ ТЬСЯ *несов.* кьайи-матахI сокIкIине (*сапаралде къачIалаго*); **~ на парохо́д** гамида тIаде кьайи бахинабизе (*сапаралде унаго*)

ГРУ´ ЗН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*тяжеловесный*) бакIаб, тирилъи гьечIеб; **~ая фигу́ра** бакIаб, тирилъи гьечIеб къаркъала 2) (*громоздкий*) цIакъ кIудияб, гIемер бакI кколеб

ГРУЗОВИ´ К *м* грузовик, юк баччулеб автомобиль

ГРУЗОВ//О́Й, -а́я, -о́е юкалъулаб, кьайидул, кьайи-юкалда хурхараб; **~о́й самолёт** юк баччулеб самолет; **~о́е су́дно** кьайи баччулеб гама; **~ы́ е перево́зки** кьайи (юк) баччи

ГРУЗООБОРО́Т *м* цо хасаб, чIезабураб заманалда жаниб баччулеб кьайидул къадар

ГРУЗООТПРАВИ´ ТЕЛЬ *м* къайи (юк) битIулеб чи

ГРУЗОПОДЪЁМНИК *м* кьайи борхулеб машина (*домкрат, кран ва ц.*)

ГРУЗОПОДЪЁМНОСТЬ *ж* бакIлъи борхизе кIолеб даража; **су́дно ~ю в три́ ста тонн** лъабнусго тонна баччулеб гама

ГРУЗОПОДЪЁМНЫЙ, -ая, -ое (бакIлъи) борхиялъул(аб); **~ кран** юк (тIаде) борхулеб кран

ГРУЗОПОЛУЧА́ТЕЛЬ *м* жиндир адресалда къайи бачIарав чи

ГРУ́ЗЧИК *м* грузчик, къайи тIад лъолев, чIехьолев чи, хIамалияв (*уст.*)

ГРУНТ *м* 1) (*почва*) ракь, ракьул тIасияб хъал; **песча́ный ~** салул ракь 2) лъеда гъоркь бугеб ракь (*тIину*); **сва́и вбиваю́ тся в ~** хIубал (*лъел тIинда*) ракьулъ къазарулел руго 3) *жив.* грунт (*сурат бахъилалде гъоркь гьабураб клеялда билъараб мелалъул хъал*)

ГРУНТОВА́ТЬ *несов. что жив.* грунт бахине, лъезе (*сурат бахъилалде*); **~ хо́лст** хIебтида грунт бахине (лъезе)

ГРУНТО́ВКА *ж жив.* грунт бахин (лъей), грунталдалъун къачIай; гъоркьхъал

ГРУНТОВ//О́Й, -а́я, -о́е: **~ы́ е во́ды** ракьулъ бугеб лъим; **~а́я доро́га** ракьул нух *(хъил тIечIеб)*

ГРУ´ ППА *ж* группа, къокъа, тIел

ГРУППИРОВА́ТЬ *несов. кого-что* къокъаби (группаби, тIелал, руккелал) гьаризе, группабазде (къокъабазде, тIелазде) рикьизе, къокъаби (группаби, тIелал) данде гьаризе; **~ докуме́нты** документал группабазде рикьизе

ГРУППИРОВА́ТЬСЯ *несов.* группаби (къокъаби, тIелал, руккелал) лъугьине; **~ вокру́г** *кого-чего-л. лъиданиги,-сунданиги* сверухъ ракIаризе (руккел лъугьине)

ГРУППИРО́ВКА *ж* **1.** (*по гл.* **группирова́ть**) группаби (къокъаби, тIелал, руккелал) гьари **2.** (*по гл.* **группирова́ться**) группаби (къокъаби, тIелал, руккелал) лъугьин **3.** (*группа*) группировка, къокъа, тIел, группа, руккел; **ю´ жная ~ войск** аскаразул югалъулаб группировка

ГРУППОВ//О́Й, -а́я, -о́е къокъадул(аб), группаялъул(аб), руккалил(аб); **~о́е собра́ние** группаялъулаб данделъи; **~о́й портре́т** группаялъулаб портрет; **~ы́е и´гры** группаялъулал (къокъадулал) хIаял

ГРУППОВЩИ́Н//А *ж неодобр.* групповщина (*гIаммал интересаздаса группаялъулал интересал цIикIкIин*)

ГРУСТИ́ТЬ *несов.* пашманлъизе, къварилъизе, ургъалилъе ккезе; **я грущу́ о про́шлых временáх** араб заман ракIалде щун, пашманлъула (къварилъула) дун

ГРУ´ СТНО 1. *нареч.* пашман(го), къварид(го), ургъалилъ **2.** *в знач. сказ. безл.:* **мне ~** дун пашман (къварид, ургъалилъ) вуго

ГРУ´ СТН//ЫЙ, -ая, -ое пашманаб, къваридаб, ургъалилъе ккараб; **~ые мы´сли** пашманал пикраби; **~ая му́зыка** пашманаб музыка

ГРУСТ//Ь *ж* пашманлъи, къварилъи; **предава́ться ~и** пашманлъи-къварилъиялъул кверщаликье ине

ГРУ´ ША *ж* (*дерево, плод*) гени

ГРУШЕВИ´ ДНЫЙ, -ая, -ое генигIадаб, генуда релълъараб

ГРУ´ ШЕВ//ЫЙ, -ая, -ое генул(аб): **~ое де́рево** генугъветI

ГРЫ´ ЖА *ж* 1) *мед.*, тIомоничехь

ГРЫЗН/Я́ *ж разг.* 1) (*между животными*) рагъ (*хIайваназда гьоркьоб*); **соба́ки зате́яли ~ю´** гьаби рагъизе лъугьана 2) *перен.* (*перебранка, мелочный спор*) гIиси-бикъинаб жо сабаблъун рагъи, семи, хьандей

ГРЫЗ//ТЬ *несов.* 1) *что* букъизе (*кость, сухари и др.*), чIучIине (*семечки и др.*); **~ть кость** ракьа букъизе; **~ть се́мечки** семечка чIучIине; **конь ~ёт уди´ ла** чоца кIалдираял рукъулел руго 2) *перен.* (*о мыслях, чувствах и т. п.*) гIакъуба кьезе, инжит гьавизе; **меня´ ~ёт сомне́ние** дун щаклъиялъ (васвасалъ) инжит гьавулев вуго, дие щаклъиялъ (васвасалъ) гIакъуба кьолеб буго, хIалхьи толеб гьечIо

ГРЫ´ З//ТЬСЯ *несов.* 1) (*о животных*) рагъизе; **соба́ки ~у́тся** гьаби рагъулел руго 2) *перен. разг.* (*ссориться*) цоцалъ дагIбадизе, хьандезе

ГРЫЗУ́Н *м зоол.* грызун (*цересел цабзаз букъун кваналеб рухI-чIаголъи, мас. гIанхвара ва ц.*)

ГРЯД//А́ *ж* 1) кьер, мухъ (*бекьараб жояльул*); **посе́яли три ~ы´ огурцо́в** охцеразул лъабго кьер бекьана 2) (*цепь, ряд чего-л.*) рахас, кьер, мухъ *сундулниги*; **~а́ гор** мугIрузул рахас (мухъ, кьер); **~а́ облако́в** накIкIазул кьерал

ГРЯ´ ДК//А *ж уменьш. от* **гряда́; де́лать ~и** кьерал (мухъал) гьаризе (*рекъулел жалазул*)

ГРЯДУ´ Щ//ИЙ, -ая, -ее **1.** тIаде щолеб (гIунтIулеб, бачIунеб), букIинесеб; **~ие поколе́ния** рукIинесел гIелал **2.** *в знач. сущ.* **~ее** *с* (*будущее*) букIинесеб ◊ **на сон ~ий** *шутл.* кьижилалде цебе

ГРЯЗЕВ//О́Й, -а́я, -о́е: **~ы́е ва́нны** даруял хIарщазул ваннаби; **~ой куро́рт** даруяб хIарщалъ (хIарщудалъун) сах гьарулеб курорт

ГРЯЗЕЛЕЧЕ́БНИЦА *ж* грязелечебница (*хIарщудалъун дару гьабулеб больница*)

ГРЯЗЕЛЕЧЕ́НИЕ *с* хIарщудалъун сахлъизари (дару гьаби)

ГРЯЗНИ́ТЬ *несов. кого-что* 1) хъублъизабизе, чорок (гъизине) гьабизе 2) *перен.* (*порочить, позорить*) бугьтанал лъезе, къадру хвезабизе, суризабизе, басра гьабизе

ГРЯЗНИ´ ТЬСЯ *несов.* хъублъизе, чороклъизе, гъизине

ГРЯ´ ЗНО 1. *нареч.* чорок(го), хъуб(го); **~ написа́ть** чорок(го) хъвазе **2.** *в знач. сказ.* чорокго буго; **на у́лице ~** къватIиб чорокго буго

ГРЯ́ЗН//ЫЙ, -ая, -ое 1) хъубаб, хъублъараб, чорокаб, чороклъараб, гъизараб; **~ое бельё** гъизараб (чорокаб) гьоркьан ретIел 2) (*о цвете*) цIахIилккараб, гъабугъараб, кьерукъаб; **~ого цве́та** цIахIилккараб (гъабугъараб) кьералъул 3) *перен.* (*аморальный, безнравственный*) нахъегIанаб, квешаб, чорокаб; **~ое де́ло** нахъегIанаб иш

ГРЯЗ//Ь *ж* 1) хIарщ; **на дворе́ непрола́зная ~** рагьда хIалица гурони рахъизе кIолареб хIарщ буго 2) гъиз, къаргIа, чороклъи, хъублъи; **на рука́х ~ь** кверазда хъублъи (чороклъи) буго 3) *мн.* **~и** *мед.* дару-хIарщ; **лечи́ться ~ями** хIарщудалъун дару гьабун, сахлъизе ◊ **меси́ть ~ь** гIемераб мехалъ хIарщулъан ине; **не уда́рить лицо́м в ~ь** ккараб къо борхизе; **втопта́ть в ~ь, смеша́ть с ~ью** суризабизе, къабихI гьабизе, басра гьабизе

ГРЯ́НУ//ТЬ *однокр.* 1) (*о звуке*) бахъине (*гьаракь*); **~л гром** гъугъай бахъана 2) *перен.* (*неожиданно начаться*) циндаго (тохлъукьего, ракIалдаго гьечIого) байбихьизе; **~ла война́** ракIалдаго гьечIого, рагъ байбихьана

ГУА́ШЬ *ж* 1) (*краска*) гуаш (*синугун цадахъ хIаризабураб, тIаде белилаги жубараб лъелъ биунареб релъен*) 2) (*картина*) гуаш (*гуашалдалъун гьабураб сурат*)

ГУБ//А́[1] *ж* кIветI; **куса́ть ~ы** кIутIби хIанчIизе ◊ **у него́ ~а не ду́ра** лъикIаб тIаса бищизе гъосда цIакъ лъала; **за́ячья ~а** гIанкIикIветI (гIанкIикIал)

ГУБА́[2] *ж* (*грибок на стволах деревьев*) сакI

ГУБА́[3] *ж геогр.* квачI, губа; **Оне́жская ~** Онегаялъул квачI

ГУБА́СТЫЙ, -ая, -ое *разг.* кIутIби чIахIияв (кIудияв, рицатав); кIветIкIодо, кIутIбихалат, кIутIбирицат

ГУБЕРНА́ТОР *м* губернатор (*областалъул хIаким, начальник)*

ГУБЕРНА́ТОРСК//ИЙ, -ая, -ое губернаторасул(аб); **~ая до́лжность** губернаторасул хъулухъ ◊ **положе́ние ху́же ~ого** *шутл.* цIакъ захIматаб, санагIалъи гьечIеб хIал

ГУБЕ́РНИЯ *ж ист.* губерния

ГУБИ́ТЕЛЬНО *нареч.* гьалаг, пасат; **~ отрази́ ться** пасат (гьалаг) гьабулеб асар лъугьине

ГУБИ́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое пасалъи (зарал) гьабулеб (ккезабулеб), гьалаг (пасат) гьабулеб; **~ для здоро́вья** сахлъиялъе зарар гьабулеб

ГУБИ́ТЬ *несов. кого-что* (*приводить к гибели*) хвезабизе, чIунтизабизе, гьалаг (пасат) гьабизе

ГУ´ БКА[1] *ж уменьш. к* **губа́**[1]

ГУ´ БКА[2] *ж* 1) *зоол.* губка (*ралъдал рухIчIаголъабазул тайпабазул цояб*) 2) губка (*гьеб рухIчIаголъиялъул лъугьараб тамахаб лъим гъорлъе цIалеб мочалкалъун хIалтIизабулеб жо, гьелда релъараб резиналъул ва ц. гьабураб жо*)

ГУБН//О́Й, -а́я, -о́е 1) *анат.* кIутIбузул(аб); **~ы́е мы́шцы** кIутIбузул ччорбал 2) *лингв.* кIутIбузулаб, кIутIбуздалъун абулеб; **~ые зву́ки** кIутIбузулал гьаркьал 3) кIутIбузул, кIутIбузда бахунеб; **~ая пома́да** помада, уба

ГУ´ БЧАТ//ЫЙ, -ая, -ое картIахараб; губка гIадаб: **~ая рези́на** картIахараб резина

ГУВЕРНА́НТКА *ж* гувернантка (*бечедал чагIазул рокъой лъималазе тарбия кьезе тарай гIадан)*

ГУВЕРНЁР *м* гувернер (*бечедал чагIазул рокъов лъималазе тарбия кьезе тарав чи*)

ГУГУ´ : об э́том ни ~! *разг.* цохIо цIарцин (рагIицин, хIарпцин, минкъан) бахъуге! **сиди́ т и весь ве́чер ни ~** тIубараб сордоялъ, цохIо рагIицин абичIого, гIодов чIун вуго

ГУД//Е́ТЬ *несов.* 1) (*издавать гул*) халат бахъараб цого къагIидаялъул гьаракь гьабизе, зузудизе, бубудизе, гIергIедизе; **гудо́к ~ит** гудок гIергIедулеб буго, гудокалъ гьаракь гьабулеб буго; **ве́тер ~ит** гъури рурудулеб буго 2) (*ломить, ныть*): **но́ги ~я́т** *разг.* махIаби цIунулел руго

ГУДО́К *м* гудок; **заводско́й ~** заводалъул гудок

ГУДРО́Н *м тех.* гудрон (*чIегIернартил хутIараб чIегIераб пицI гIадаб, сунданиги бахине, нухазде, тIохазде ва ц. тIезе хIалтIизабулеб масса*)

ГУДРОНИ´ РОВАНН//ЫЙ, -ая, -ое: **~ое шоссе́** гудрон тIураб шагьранух

ГУЖ *м* (*в упряжи*) гьакигIералда бухьунеб хомуталъул хьвацIил чIоло ◊ **взя́лся за ~, не говори́ , что не дюж** *посл.* гьабизе байбихьараб иш кIоларилан (лъаларилан) тоге

ГУЖЕВО́Й, -а́я, -о́е хIайваназул кумекалдалъун юк баччулеб; **~ тра́нспорт** гьоко-квара (*оцаз, чу-хIамаялъ юк баччулел гьакал, чанагъал*); **гужева́я доро́га** гьаказул нух

ГУЖО́М *нареч.* чоца цIан (*гьоко, чанагъ*); **вози́ть ~** чоца цIан, баччизе

ГУЖУ´ , ГУДИ´ ШЬ *и т. д. наст. от* **гуде́ть**

ГУЛ *м* хъуй, хъуди (*тIубан загьираб гуреб, жуба-гъубараб*); **~ голосо́в** гьаркьазул жуба-гъубараб хъуй, гъавгъа; **подзе́мный ~** ракьуда гъоркьан бугеб хъуй; **~ маши́ н** машинабазул хъуй

ГУЛА́Г *м* гулаг *(1934-1956 соназда туснахъазе нухмалъи гьабулеб идара)*

ГУ´ ЛК//ИЙ, -ая, -ое 1) (*громкий*) кутакаб, рикIкIаде рагIулеб; **~ие шаги́** рикIкIаде рагIулеб хIатIил сас 2) (*имеющий сильный резонанс*) гьаракь кутаклъизабулеб, кутакаб дандержи бугеб; **~ие сво́ды** гьаракь кутаклъизабулел, дандержи лъугьунел кIармаз рарал бакIал

ГУЛЬБА́ *ж прост.* ахIи-хIур гIемераб ва халат бахъараб кеп-гIоркь, квана-гьекъей

ГУЛЯ´ КА *м, ж* саяхъ, гьекъолдухъан, бокьарабахъ (*авадан, ургъел гьечIеб гIумру гьабулев чи*)

ГУЛЯ́НЬ//Е *с* **1.** (*по гл.* **гуля́ть**) тира-свери; **~е с детьми́** лъималгун тира-свери **2.** (*празднество*) рохел-аваданлъи; **наро́дные ~я** халкъиял рохалилал тира-свериял

ГУЛЯ́ТЬ *несов.* 1) (*совершать прогулку*) тира-сверизе, сверизе, тиризе; **~ с детьми́** лъималгун тира-сверизе 2) *разг.* (*быть свободным от работы*) хIалтIудаса эркен вукIине (*мас.: гIодокъоялъ*); **~ два дня** кIиго къоялъ хIалтIудаса эркен вукIине 3) *разг.* (*веселиться*) рохел-аваданлъи гьабизе; **~ на сва́дьбе** берталъ рохел-аваданлъи гьабизе

ГУЛЯ́Ш *м кул.* гуляш (*гьанал гIисинал кесказул гьабураб квен*)

ГУМАНИ´ ЗМ *м* гуманизм, гIаданлъи, чи вокьи, тIалаб-агъаз гьаби

ГУМАНИ́СТ *м* гуманист, гуманизмалъул рахъ ккурав (гIаданлъи бугев) чи

ГУМАНИСТИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое гуманистияб, гуманиз-малъулаб

ГУМАНИТА́РН//ЫЙ, -ая, -ое гуманитарияб (*инсанасул, гьесул культураялъул, историялъул бицунеб*); **~ые нау́ки** гуманитариял гIелмаби

ГУМА́ННОСТЬ *ж* гIаданлъи, гIадамазул адаб (рахIму) букIин (гьаби); **проявля́ть ~** гIадамазул адаб гьабизе, гIаданлъи бихьизабизе

ГУМА́НН//ЫЙ, -ая, -ое гIадамасул адаб-хIурмат гьабулеб, рахIмуяб, гIаданлъи бугеб; **~ое отноше́ние к лю́ дям** гIадамаздехун рахIмуяб бербалагьи

ГУМНО́ *с* гьоцIу

ГУНДО́СЫЙ, -ая, -ое *разг.* магIарзухъан гаргадулев

ГУ´ РИЯ *ж миф.* хIурулгIин

ГУРМА́Н *м* гурман (*тIагIамаб квен бокьулев, гьелда тIад чIарав чи*)

ГУРТ *м* рехъен, рехьед (*магIишатияб мурадалда цо бакIалдаса цоги бакIалде бачунеб, гьолеб*); **~ молодняка́ (ове́ц)** хухазул рехъен

ГУРТОВЩИ́К *м* рехъен (рехьед) бачун унев чи, вехь, рохьдохъан

ГУРТО́М *нареч. разг.* рехъен (рехьед) гьабун, цадахъго; **прода́ть всё ~** кинабго цадахъго бичизе

ГУРЬБ//А́ *ж* руккел, къокъа; **~а́ ребя́т** лъималазул руккел; **идти́ ~о́й** руккел гьабун ине

ГУСА́К *м* бихьинхъаз

ГУ́СЕНИЦА *ж* 1) *зоол.* милугьис (диал.), хIутI, хIапара (*кIалкIучIалъул*) 2) *тех.* рахас (*мас.: трактораль, танкалъул*)

ГУ́СЕНИЧНЫЙ, -ая, -ое *тех.* рахас бугеб; **~ тра́ктор** рахас бугеб трактор

ГУСЁНОК *м* (*мн.* **гуся́та**) хъазитIинчI

ГУСИ́Н//ЫЙ, -ая, -ое хъазил(аб); **~ый пух** хъазил хъуп; **~ое са́ло** хъазил тIатIи (кьаралъи) ◊ **~ые ла́пки** (*морщинки*) *беразул къватIисел бокIназда сверухъ* рукIкIалаби

ГУ́СЛИ *мн.* гусли (*гIа́мIал, чIваби рараб некIсияб музыкияб алат*)

ГУСТЕ́//ТЬ *несов. б*акъвалъизе; гъункизе, ризлъизе; **клей ~ет** сину бакъвалъулеб буго; **тума́н ~ет** накIкI тIупулеб буго; **трава́ ста́ла ~ть** хер ризлъизе лъугьана

ГУ́СТО 1. *нареч.* бакъва(го), гъункун, ризго; **замеси́ть те́сто ~** хамур бакъваго буцизе; **~ покрасне́ть** кутакалда багIарлъизе **2.** *в знач. сказ. безл.* гIемер; **у меня́ де́нег не ~** *разг.* дихъ (дир) гIарац гIемер гьечIо

ГУСТ//О́Й, -ая, -ое бакъваяб; ризаб, гъамилаб (*диал.*); гъункараб; **~о́й лес** ризаб рохь; **~а́я ка́ша** бакъваяб карцI (*хIичи*); **~ы́е во́лосы** ризаб рас

ГУСТОНАСЕЛЁННЫЙ, -ая, -ое халкъ ризаб (гIемераб)

ГУСТОТА́ *ж* бакъвалъи, ризлъи́, гъунки́; **~ трав** хурдузул ризлъи́

ГУСЫНЯ *ж* цIуяб хъаз, цIухъаз (цIохъаз)

ГУС//Ь *м* хъаз ◊ **с него́ как с ~я вода́** гьесда гIайиб чIоларо, гьесие сунцаго асар гьабуларо (*гургинаб тIад чIоларо, чIинтIараб гъоркь чIоларо*)

ГУСЬКО́М *нареч.* хаду-цере, кьер гьабун; **идти́ ~ по тропи́нке** сухъмахъалдасан хаду-цере, кьер гьабун, ине (хъазал гIадин ине)

ГУСЯ́ТИНА *ж разг.* хъазил гьан

ГУСЯ́ТНИК *м* **1.** хъазирукъ, хъазазул рукъ **2.** кIудияб хъарчигъа (*гIалхул хъазазде чан гьабулеб хъарчигъа*)

ГУТАЛИ́Н *м* гуталин (*хьитазул мазь*)

ГУТТАПЕ́РЧА *ж* гуттаперча (*цо-цо хурдузул сокалъул гьабулеб, медицинаялда ва техникаялда хIалтIизабулеб, тIадецуялъ жиндие кьураб формаги цIунулеб тIомода релъараб бакъваль*и (*масса*)

ГУТТАПЕ́РЧЕВ//ЫЙ, -ая, -ое гуттаперчаялъул(аб); **~ая ку́кла** гуттаперчаялъул гьабураб ясикIо (васикIо)

ГУ́Щ//А *ж* 1) (*осадок*) бакъваяб ахакь 2) *чего* (*чаща*) бищун ризаб бакI (*рохьил*); **~а ле́са** рохьил ризаб бакI 3) *перен.:* **в ~е собы́тий** лъугьа-бахъиназул бакьулъ

ГУ́ЩЕ *сравн. ст. к* **густо́й** *и* **гу́сто**

ГЯУ́Р *м* гавур, капурчи

Д

ДА[1] *частица* 1) *утв.* у; **э́та кни́га твоя́? – да** гьаб тIехь дурищ? – у 2) *вопр.* (*неужели, разве*) уйищ(ха); **да или нет?** уйищ, гурищ? 3) (*кстати*) гьа, уха; **да, я и забы́л** гьа, дида кIочон тезе бахъана 4) *в сочет. с гл.* -ги; **да здра́вствует!** чIахъаги! 5) *усил.* гьа; **да ну его́!** гьа, гьев хIажат гьечIо! ◊ **вот э́ то да!** гьа, гьелеха! бегьанаха!

ДА[2] *союз* 1) *соед.* ва; **он да я** дов ва дун (довги дунги) 2) *присоед.* тIадежоялъе; **он ста́рый, да ещё больно́й** дов херавги вуго, тIадежоялъе унтаравги вуго 3) *против.* амма; **я бы хоте́л, да брат не соглаша́ется** диени бокьилаан, амма вац разилъулев гьечIо

ДАВА́//ТЬ *несов.* 1) *см.* **дать** 2) *повел.*: **~й (~йте)**; **пойдём** рачIа рилъгьинин; **~й (~йте) игра́ть** рачIа хIазин

ДАВА́ТЬСЯ *несов. см.* **да́ться; перево́ды ему́ легко́ дава́лись** таржамаби досда бигьаго гьаризе кIолаан

ДА́ВЕЧА *нареч.* (*прост.*) дагьалъ цебе

ДАВИ́ //ТЬ *несов.* 1) *на кого-что* (*налегать тяжестью*) тIаде цузе, бакIлъиялъ чIинтIизабизе; бакIлъизе; **снег да́вит на кры́шу** тIохалъе гIазу бакIлъун буго 2) *кого-что* (*сжимать*) данде къазе; **сапо́г да́вит мне но́гу** чакмаялъ дир хIетIе данде къалеб буго 3) *что* (*выжимать*) къан цIцIузе; **~ть лимо́н** лимон къан цIцIузе 4) *кого-что* (*раздавить*) чIинтIизе 5) *кого-что перен.* (*угнетать*) хIалуцине; **тоска́ ~т мне грудь** чIалгIеналъ дир керен хIалуцун буго 6) *кого-что разг.* чIинтIизе; **в трамва́е ме́ня ~ли со всех сторо́н** трамваялъув дун кисанго чIинтIулев вукIана 7) *кого-что перен.* тIадецуй гьабизе; **~ть свои́м авторите́том** жиндирго къадруялъ (къадруги хIалае ккун) тIадецуй гьабизе

ДАВИ́ТЬСЯ *несов.* 1) *разг.* (*вешаться*) (*кварида ван*) живго гьанкъизе 2) *чем* щокъроб жо къазе, гьанкъизе; **~ ко́стью** щокъроб ракьа къазе 3) *разг.* (*находиться в тесноте*) хIалуцине, данде къазе, гьанкъизе, чIинтIизе вахъине; **~ в авто́бусе** автобусалъув чIинтIизе вахъине; **~ от сме́ха** велъиялъ гьанкъизе вахъине

ДА́ВКА *ж* тIатIалакъай, мерхьин; гъуркъи, журкъи

ДАВЛЕ́НИЕ *с* 1) (*по гл.* **дави́ть**) тIадецуй, хIалуцин; **атмосфе́рное ~** атмосфераялъул(аб) тIадецуй; **~ воды́** лъел тIадецIуй 2) *перен.* (*принуждение*) хIалица гьабизе тIами; **ока́зывать ~** *на кого-л.* тIадецуй гьабизе (*лъиде бугониги*), хIалица гьабизе тIамизе (*щивниги)*

ДА́ВН//ИЙ, -яя, -ее 1) цебегосеб, цебего лъугьараб, некIого ккараб; **с ~их пор** цебе заманаялдасаго, цебегоялдаса нахъе 2) (*старый*) цебегосеб; **~ий друг** цевегосев гьудул

ДАВНИ́ШНИЙ, -яя, -ее *разг.* цебегосеб, цебего букIараб, некIого лъугьараб; **~ долг** цебегосеб налъи

ДАВНО́ *нареч.* 1) (*много времени тому назад*) цебего, некIого; **он ~ прие́хал в го́род** дов шагьаралде некIого вачIана; **э́ то произошло́** ~ гьеб цебего лъугьана (ккана) 2) (*в течение долгого времени*) цебегоялдаса нахъе, гIемераб мехалъ; **он ~ живёт в го́роде** дов цебегоялдаса нахъе гIумру гьабун шагьаралда вуго ◊ **~ пора́** цебего заман щвана

ДАВНОПРОШЕ́ДШ//ИЙ, -ая, -ее цебего араб, некIого букIараб; **~ие собы́тия** некIого рукIарал лъугьа-рахъинал ◊ **~ее вре́мя** *грам.* некIого араб заман

ДА́ВНОСТ//Ь *ж* 1) (*отдаленность*) некIого, цебего букIин; **де́ло двадцатиле́тней ~и** къоло щуго соналъ цебе букIараб иш 2) (*длительность*) халат бахъин, заманалъул халалъи; **~дружбы** гьудуллъиялъул халат бахъин (*гIемераб мехалъ букIин*) 3) *юр* гIемер мех ин, басралъи; **де́ло бы́ло прекраще́но за ~ью** гIемер мех иналда бан, де́ло къан (къотIизабун) букIана

ДАВНЫ́М-ДАВНО́ *нареч. разг.* некIого, цебего, цIакъ цебе заманалдаго

ДАГЕСТА́НЕЦ *м* дагъистанияв

ДАГЕСТА́НКА *ж* дагъистанияй

ДАГЕСТА́НСЌ/ИЙ, -ая, -ое дагъистаналъул; **~ие языки́** дагъистаналъул (ал) мацIал

ДАГЕСТА́НЦЫ *мн.* дагъистаниял

ДАДИ́М(СЯ), ДАДИ́ТЕ(СЬ) *и т. д. мн. буд. от* **дать(ся)**

ДАЁШЬ(СЯ), ДАЁТ(СЯ) *и т. д. наст. от* **дава́ть(ся)**

ДА́ЖЕ *частица усил.* хIатта, -цин; **~ тепе́рь** гьанжецин; **он ~ сло́ва не сказа́л** дос рагIицин абичIо

ДАЙ, ДА́ЙТЕ *повел. от* **дать**

ДА́КАТЬ *несов. разг.* абу-абуралда тIад рекъезе

ДАКТИЛОСКОПИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое дактилоскопиялъул(аб)

ДАКТИЛОСКОПИ́Я *ж* дактилоскопия (*килщазул лъалкIаздасан гьезул бетIергьан лъазавулеб къагIида*)

ДА́КТИЛЬ *м лит.* дактиль *(тIоцебесеб слогалде ударениеги ккараб лъабго слогалъулаб кочIол мухъалъул роцен)*

ДАЛ, ДАЛА́ *и т. д. прош. от* **дать**

ДА́ЛЕЕ *нареч.* рикIкIад; цIикIкIун; цинги, хадуб; **отсю́да до села́ не ~ двух киломе́тров** гьаниса росулъе щвезе кIиго километралдаса цIикIкIун гьечIо ◊ **и так ~** ва гьел гурел цогидаги (ва гьединго цогидалги)

ДАЛЁК//ИЙ, -ая, -ое 1) (*о расстоянии*) рикIкIадаб, рикIкIада бугеб; **~ие сёла** рикIкIа-даругел росаби; **~ий путь** халатаб сапар 2) (*о времени*) цебегосеб, некIосеб 3) *перен.* (*чуждый*) рикIкIадасел, чиярал; **они́ ~ие друг дру́гу лю́ди** гьел цоцазе чиярал чагIи руго ◊ **он не о́чень ~ий челове́к** дов гьедигIан цIодорав чи гуро

ДАЛЕКО́, ДАЛЁКО 1) *нареч.* рикIкIад; **он нахо́дится ~** дов рикIкIад вуго; **оставля́ть ~ позади́ себя́** жиндасаго гIемер рикIкIад нахъа тезе 2) *в знач. сказ.* рикIкIад буго (*о расстоянии*), некIого (*о времени*); **фронт отсю́да ~** фронт гьаниса рикIкIад буго; **до до́му ещё ~** рокъоре щвезе жеги рикIкIад буго *(гIемераб нух буго)* ◊ **~ ему́ до тебя́** дуда бащалъизе (дулъе вахине) досие жеги гIемер (рикIкIад) буго; **ему́ ~ за со́рок** досул кIикъогоялдаса гIемерго цIикIкIун *(сон)* буго; **~ за по́лночь** сордо бащалъаралдаса гIемер заман ун буго; **он ~ не так глуп** дов гьедигIан гIантав чи гуро; **зайти́ сли́шком ~** цIакъ(го) рикIкIаде ине (гIурхъулъа борчIизе)

ДАЛЬ *ж* 1) рикIкIадаб бакI, рикIкIалъи; **не пойду́ я в таку́ю ~** гьедигIан рикIкIадаб бакIалде инаро дун 2) (*простор, ширь*) гIатIилъи

ДАЛЬНЕВОСТО́ЧНЫЙ, -ая, -ое рикIкIадаб бакъбаккул рахъалъулаб

ДАЛЬНЕ́ЙШ́/ИЙ, -ая, -ее хадусеб; **~ее собы́тие показа́ло** хадусеб лъугьа-бахъиналъ бихьизабуна ◊ **в ~ем:** а) (*в будущем*) нахъа-нахъаги, хаду-хадубги б) (*ниже в тексте*) хадуб (*тIе-хьалда, текстална хъваралда*)

ДА́ЛЬН//ИЙ, -яя, -ее 1) рикIкIадаб, рикIкIадасеб; **~ие сёла** рикIкIадасел росаби; **~яя родня́** рикIкIадасеб гIагарлъи; **по́езд ~его сле́дования** рикIкIаде унеб поезд 2) халатаб ◊ **без ~их слов** рагIи (хабар) халат гьабичIого

ДАЛЬНОБО́ЙНОСТЬ *ж воен.* рикIкIаде кьвагьун бахъин

ДАЛЬНОБО́ЙН//ЫЙ, -ая, -ое рикIкIаде кьвагьун бахъунеб; **~ое ору́дие** рикIкIаде кьвагьун бахъунеб (кьвагьулеб) гIарада

ДАЛЬНОВИ́ДНОСТЬ *ж* букIинесеб цебеккунго лъай

ДАЛЬНОВИ́ДНЫЙ, -ая, -ое букIинесеб, хадуб лъугьунеб жо цебеккунго лъалев; **~ челове́к** хадуб лъугьине, ккезе бугеб цебе-ккунго лъалев чи

ДАЛЬНОЗО́РК//ИЙ, -ая, -ое аскIоб бугелдаса рикIкIада бугеб лъикI бихьулев, рикIкIаде бер цIодорав

ДАЛЬНОЗО́РКОСТЬ *ж* рикIкIад бугеб жо лъикI бихьи, рикIкIаде бер цIодорлъи

ДАЛЬНОМЕ́Р *м* манзилборц, манзил борцунеб алат

ДА́ЛЬНОСТЬ *ж* рикIкIалъи; **~ расстоя́ния** манзилалъул рикIкIалъи; манзилалъул халалъи

ДАЛЬТОНИ́ЗМ *м* дальтонизм (*цо-цо кьерал ратIа гьарун бажаруларедухъ берзул канлъи загIиплъи*), кьерал ратIа рахъизе лъангутIи

ДАЛЬТО́НИК *м* кьерал ратIа рахъизе лъаларев чи

ДА́ЛЬШЕ 1) *сравн. ст. к* **далёкий** *и* **далеко́** рикIкIад; **я нахожу́сь ~ вас** дун нужедаса рикIкIад вуго 2) *нареч.* (*затем, потом*) цинги, хадуб; **а ~ что бу́дет?** цинги, хадуб щиб букIинеб? 3) (*продолжая начатое*) цинги, хадуб, тIокIаб; **пиши́те ~** хадубги хъвай; **чита́йте ~** хадусебги цIале; **нельзя́ э́ то ~ так оставля́ть** гьеб тIокIалъ гьедин тезе бегьуларо ◊ **~ е́хать не́куда** тIокIаб кибениги ине бакI гьечIо

ДАМ, ДАШЬ *и т. д. буд. от* **дать**

ДА́МА *ж* 1) дама (*некIо тIадегIанаб даражаялъул чIужугIадан*) 2) *карт.* хIалел кагътазул яс; дама; **крести́овая ~** дама черек ◊ **~ се́рдца** йокьулей гIадан

ДАМА́ССК/ИЙ, -ая, -ое: **~ая сталь** Дамаскалъул чаран (*цIакъ щулияб*)

ДА́МБА *ж* сангар

ДА́МКА *ж* (*в шашках*) гама (*дандеясул тIарамагъадисеб клеткаялде борчIараб ва цинги бокьараб рахъалде хIазе бегьулеб шашка*)

ДА́МСК/ИЙ, -ая, -ое руччабазул; **~ая о́бувь** руччабазул хьитал ◊ **~ уго́дник** руччабазе хIелулев чи

ДА́МСЯ, ДА́ШЬСЯ *и т. д. буд. от* **да́ться**

ДА́ННЫЕ *мн.* 1) (*сведения*) баянал; хIужжаби; **статисти́ческие ~** статистикиял хIужжаби 2) (*задатки*) пагьму-бажариялъул гIаламатал; **име́ет все ~ для отли́чной уче́бы** цIакъ лъикI цIализе киналго пагьмуялъул гIаламатал руго; **есть ~ утвержда́ть обра́тное** гIаксаб (рахъ) ритIухъ (тасдикъ) гьабизе хIужжаби руго

ДА́ННЫЙ, -ая, -ое кьураб; гьаб; в **~ый час** гьаб сагIаталда жаниб; **~ый факт** гьаб хIужжа ◊ **~ая величина́** *мат.* цебеккунго лъалеб величина (*рикIкIеналъул къадар*)

ДАНТИ́СТ *м* гIусазул тохтир, цабзазул устар

ДАНЬ *ж* 1) *ист.* магъало, харж; **взима́ть (собира́ть) ~** магъало бакIаризе 2) *перен.* (*должное*) мухь, налъи, хIакъ; **~ дру́жбы** гьудуллъиялъулаб налъи

ДАР *м* 1) (*подарок*) сайгъат; **принести́** *что-л.* **в ~** сайгъаталъе бачIине (*щиб бугониги)* 2) (*способность*) пагьму, гьунар, бажари; **литерату́рный ~** литературияб гьунар; **живо́тные не облада́ют да́ром ре́чи** хIайваназул кIалъазе гьунар гьечIо ◊ **потеря́ть ~ сло́ва** абизе жо лъаларого, хутIизе

ДАРВИНИ́ЗМ *м* дарвинизм (*хIайваназул, хурдузул тайпаби лъугьиналъул бицунеб гIелму*)

ДАРВИНИ́СТ *м* дарвинист (*дарвинизм гIелмуялда рекъон хIалтIулев чи*)

ДАРГИ́НЕЦ *м* даргияв

ДАРГИ́НКА *ж* даргияй

ДАРГИ́НСКИЙ, -ая, -ое даргиязул; **~ язы́к** дарги мацI

ДАРГИ́НЦЫ *мн.* даргиял

ДАРЁН//ЫЙ, -ая, -ое *разг.* сайгъат гьабураб, чIобого кьураб; **~ая вещь** сайгъат гьабун кьураб жо ◊ **~ому коню́ в зу́бы не смо́трят** *посл.* чIобого кьураб чол кIалдире раккуларел (*ханас кьураб чол кIалдире раккуларел*)

ДАРИ́ТЬ *несов.* 1) *кому-чему кого-что* сайгъат гьабизе, чIобого кьезе, мухь гьечIого, кьезе, гьартIан кьезе; **~ цветы́** тIугьдул сайгъат гьаризе; **~ кни́гу** сайгъаталъе тIехь кьезе (тIехь сайгъат гьабизе) 2) *кого чем перен.* (*удостаивать*) кIвар кьезе, гIин тIамизе

ДАРМОЕ́Д *м разг.* чIобого чияр чед кваналев чи; хIалтIи-чIого кваналев, чIукIна

ДАРМОЕ́ДКА *ж* чIобого чияр чед кваналей гIадан; хIалтIичIого кваналей, чIукIна

ДАРОВА́НИЕ *с* 1) (*по гл.* **дарова́ть**) кьей 2) (*одаренность*) (*тIабигIаталъ кьураб*) пагьму, гьунар, бажари; **приро́дное ~ необходи́мо развива́ть** тIабигIияб пагьму, бажари цIебетIезабизе ккола; **литерату́рное ~** литературияб гьунар

ДАРОВА́ТЬ *сов. и несов. что уст.* кьезе ◊ **~ свобо́ду** эркенлъи кьезе; **~ жизнь** *кому-л. (щивниги)* чIаго (чIвачIого) тезе

ДАРОВИ́ТЫЙ, -ая, -ое пагьму, гьунар, бажари бугев; **~ ю́ноша** пагьму, гьунар, бажари бугев гIолилав

ДАРОВО́Й, -ая, -ое *разг.* чIобого щвараб, мухь гьечIого кьураб, чIобогояб, мухь-хIакъ гьечIеб

ДАРОВЩИ́НА *ж см.* **даровщи́нка**

ДАРОВЩИ́НК//А *ж* чIобого боси, мухь кьечIого, боси; **жить на ~у** *разг.* чIобого щваралдасан бетIербахъи гьабизе

ДА́РОМ *нареч.* 1) (*бесплатно*) чIобого, мухь гьечIого; **мне э́того и ~ не на́до** *разг.* дие гьеб чIобогоцин къваригIун гьечIо 2) (*дешево*) чIобого гIадин, учузго; **я купи́л э́то соверше́нно ~** дица гьаб чIобого гIадин, цIакъ учузго босана 3) (*бесполезно, напрасно*) чIалгIаде, гIадада; **теря́ть ~ вре́мя** заман гIадада ине ◊ **э́то ему́ ~ не пройдёт** гьеб досие гIадада ккезе гьечIо, хира чIезе буго

ДА́РСТВЕНН//ЫЙ, -ая, -ое: **~ая за́пись** *юр.* назрудул хъвайхъвагIай; **~ акт** назрудул кагъат

ДА́СТ(СЯ) *3 л. ед. ч. буд. от* **да́ть(ся)**

ДА́Т//А *ж* дурусаб заман, тарих, гIуж; **~ рожде́ния** гьавураб заман; **письмо́ без ~ы** къо-моцI гьечIеб кагъат

ДА́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое: ◊ **~ паде́ж** *грам.* кьовул падеж

ДАТИ́РОВАТЬ *сов. и несов.* хъвараб заман бихьизабизе; къо-моцI бихьизабизе

ДА́ТСКИЙ, -ая, -ое даниязул(аб); **~ язы́к** даниязул мацI

ДАТЧА́НЕ *мн.* даниял

ДАТЧА́НИН *м* данияв

ДАТЧА́НКА *ж* данияй

ДА́ТЧИК *м тех.* датчик

ДАТЬ *сов.* 1) *кого-что кому-чему кьезе*; **~ кни́гу** тIехь кьезе; **~ де́ньги взаймы́** нахъе кьезегIан, къарзалъ гIарац кьезе; **~ свой а́дрес** жиндирго адрес кьезе; **~ о́рден** орден кьезе; **~ есть** квен

(кваназе жо) кьезе ~ **сло́во** *кому-л.*: а) (*предоставить слово*) рагIи кьезе; б) (*обещать*) рагIи кьезе 2) *что или с неопр. кому-чему* (*позволить*): **да́йте мне поду́мать** дун ургъизе те; ~ **мне уйти́** дун ине те (виччай); ~ **рабо́ту** хIалтIи кье; **не да́ли спать** *кому-л.* кьижизе течIо (виччачIо) *шивалиго* 3) *повел.*: **да́йте я вам помо́гу** нужее кумек гьабизе виччай дун 4) *что в сочет. с сущ.:* ~ **звоно́к** цIумур кьабизе; ~ **согла́сие** изну кьезе; ~ **отчёт** отчет кьезе; ~ **телегра́мму** телеграмма (кьезе) кьабизе; ~ **ру́ку** квер кьезе; ~ **уро́к** дарс кьезе 5) *что кому и без доп.* (*устроить*) кьезе; ~ **конце́рт** концерт кьезе 6) *что кому-чему* (*определить возраст*) санал кьезе; **ско́лько лет вы ему́ дади́ те?** чан сон нужеца досие кьелеб? ◊ ~ **во́лю** эркенлъи кьезе; бокьухъин виччан тезе; ~ **во́лю рука́м** вагъизе, щивниги вухизе; ~ **доро́гу** нух кьезе, жиндасаго цеве ине рес кьезе; ~ **кля́тву** гьа базе; ~ **знать** лъазабизе; ~ **поня́ть** бичIчIизабизе; **я тебе́ дам!** дица гьабила дуе!; ~ **ме́сто** (хIалтIизе) бакI кьезе; ~ **о́тдых** хIалхъиялда тезе; ~ **себя́ знать** асар гьабизе, лъазабизе; **не ~ себя́ в о́биду** живго цIунизе кIвезе; **ни ~ ни взять** щибго батIалъи гьечIо, цIакъ релъгъараб буго

ДА́ТЬСЯ *сов. кому* 1) *чаще с отриц.* чIезе; **я не да́мся им в ру́ки** дозухъе кквезе чIеларо дун; **я не да́мся в обма́н** гуккизе чIеларо дун 2) (*обойтись, достаться*) щвезе; **э́та побе́да ему́ до́рого дала́сь** гьаб бергьенлъи досие хираго чIана, щвана

ДА́Ч//А[1] *ж* 1) (*по гл.* **дать**) кьей; **~а показа́ний** *юр. (судалда)* бихьараб, рагIараб битIун бицин 2) (*порция*) бутIа, порция; **две ~и овса́** нехдал кIиго порция (бутIа, норма)

ДА́Ч//А[2] *ж* дача (*шагьаралдаса къватIиб рии тIамизе ва хIалхьуде ине бараб мина*); **е́хать на ~у** дачаялде ине

ДА́ЧА[3] *ж* (*в лесничестве*) рохьил рагIалда бугеб ракьул кесек (участок)

ДАЧЕВЛАДЕ́ЛЕЦ *м* дачаялъул бетIергьан

ДА́ЧНИК *м* дачник (дачаялда рии тIамулев чи)

ДА́ЧНИЦА *ж* дачница (дачаялда рии тIамулей гIадан)

ДА́ЧНЫЙ, -ая, -ое дачаялъул(аб); **~ый по́езд** дачаялде унеб поезд

ДА́ШЬ(СЯ) *2 л. ед. буд. от* **да́ть(ся)**

ДАЮ́, ДАЁШЬ *и т. д. наст. от* **дава́ть**

ДВА *числ. м, с* 1) кIиго; ~ **челове́ка** кIиго чи; ~ **дня** кIиго къо 2) *см.* **дво́йка 2;** ◊ ~ **-три го́да** кIиго-лъабго сон; **в ~ счёта** бер къапилалде, цо параялда жаниб, цIакъ бигьаго; **как две ка́пли воды́** расги батIалъи гьечIеб ◊ **ни ~, ни полтора́** я гьаб гуреб, я доб гуреб, цIар лъезе лъалареб жо; **в двух слова́х** къокъго (*абизе*); **в двух шага́х** аскIобго, гIагарда

ДВАДЦАТИЛЕ́ТИЕ *с* 1) (*срок*) къого сон 2) (*годовщина*) къого сон тIубай

ДВАДЦАТИЛЕ́ТН//ИЙ, -яя, -ее 1) (*о сроке*) къого сональъул(аб); **~яя рабо́та** къого сональъул хIалтIи 2) (*о возрасте*) къого сон бараб; **~ий молодо́й челове́к** къого сон барав гIолохъанчи

ДВАДЦАТИПЯТИЛЕ́ТИЕ *с* 1) (*срок*) къоло щуго сон 2) (*годовщина*) къоло щуго сон тIубай

ДВАДЦАТИПЯТИЛЕ́ТНИЙ, -яя, -ее 1) (*о сроке*) къоло щуго сонил(аб) 2) (*о возрасте*) къоло щуго сон бараб

ДВАДЦА́Т//ЫЙ, -ая, -ое *числ.* къоабилеб; **~ые го́ды** къоабилел сонал; **~ого апре́ля** къоабилеб апрелалъ; **ему́ пошёл ~ый год** гьесул къоабилеб сон сверулеб буго

ДВА́ДЦАТЬ *числ.* къого; ~ **оди́н** къоло цо ◊ **опя́ть ~ пять** гьебго жо, цого жо (нусцIул бицаниги, цого жо)

ДВА́ЖДЫ *нареч.* кIицIул, кIиго нухалъ; **я ~ был у него́** дун кIицIул вукIана досухъ (щвана досухъе); ~ **три – шесть** кIицIул лъабго – анлъго ◊ **я́ сно как ~ два – четы́ре** кIицIул кIиго ункъо гIадин, баянго буго (якъинго, бигьаго бичIчIулеб буго)

ДВЕ *ж см.* **два**

ДВЕНАДЦАТИЛЕ́ТНИЙ, -яя, -ее анцIила кIиго сонил(аб); ~ **подро́сток** анцIила кIиго сон барав гIолилав

ДВЕНАДЦАТИПЕ́РСТН//ЫЙ, -ая, -ое: **~ая кишка́** *анат.* гьитIинбакь *(кванирукъалдаса тIеренбакьазде щвезегIан унеб гьитIинаб бакь)*

ДВЕНА́ДЦАТЬ *числ.* анцIила кIиго

ДВЕ́РКА *ж* гьитIинаб нуцIа (рагьу)

ДВЕРНО́Й, -ая, -ое нуцIил(аб); ~ **замо́к** нуцIил рахай

ДВЕ́РЦА *ж* гьитIинаб нуцIа; **печна́я ~** печалъул нуцIа; ~ **автомо́биля** автомобилалъул нуцIа

ДВЕР//Ь *ж* нуцIа, рагьу; **входна́я ~** жанире лъугьунеб нуцIа; **дубо́вая ~** миккил нуцIа; **стоя́ть в ~я́х** нуцIил кIалтIа (*эхетун*) чIезе; **закры́ть ~** нуцIа къазе; **у ~е́й** нуцIил кIалтIа ◊ **при закры́тых ~я́х** балъго (*гьабулеб заседание*); **ломи́ться в откры́тую ~ь** киназего баянаб, дагIбаго гьечIеб жо чIезабизе лъугьине; **стуча́ться в ~ь** (*надвигаться*) тIаде гIунтIизе, тIаде щвезе; **жить** *с кем-л.* **~ь в ~ь** цоцада цун (мадугьалихъ) яшав гьабизе; **показа́ть (указа́ть)** *кому-л.* **на** ~ нахъе къотIизе (витIизе); **вы́ставить** *кого-л.* **за ~ь** къватIиве гъезе

ДВЕ́СТИ *числ.* кIинусго

ДВИ́ГАТЕЛЬ *м* 1) двигатель (*щибниги жо хIалтIизабулеб машина; кинаб бугониги энергия механикияблъун лъугьинабулеб алат);* **парово́й** ~ хIухьлаца хIалтIизабулеб двигатель (мотор); **раке́тный** ~ ракетаялъул двигатель 2) *перен. чего щибниги* цебетIезабулеб жо; **труд – ~ нау́ки** хIалтIи (захIмат) – гIелму цебе тIезабулеб жо (ккола)

ДВИ́ГАТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое *анат.* лугбал рагъаризарулеб; **~ые не́рвы** *анат.* лугбал рагъаризарулел, рилъгьинарулел нервал

ДВИ́ГАТЬ *несов.* 1) *кого-что* (*перемещать*) дорегIан къазаризе; ~ **сту́лья** бакIал дорегIан къазаризе 2) *чем* (*шевелить*) багъаризабизе; ~ **па́льцами** килщал рагъаризаризе 3) *кого-что* (*направлять*) ралагьизаризе, тIаде рачине; **~ войска́ на неприя́теля** аскар тушманасда тIаде бачине 4) *что* (*приводить в движение*) хьвадизабизе, билъгьинабизе; **пружи́на дви́жет часово́й меха́ни́зм** бутIалъ сагIтил механизм хьвадизабула (хIалтIизабула) ◊ ~ **нау́ку** гIелму цебетIезабизе

ДВИ́ГА//ТЬСЯ *несов.* 1) (*перемещаться*) багъаризе, багъабачаризе; **толпа́ ме́дленно ~лась по у́лице** халкъ къотIносан бигьагьабун багъарун унеб букIана 2) (*шевелиться*) багъаризе, багъа-бачаризе; **не ~йся!** вагъаруге! 3) (*трогаться с места*) чIараб бакIалдаса багъаризе 4) *перен.* (*идти на повышение*) цеве тIезе; **~ться по слу́жбе** хъулухъалда цеве тIезе,эхеде вахине ◊ **~ться гига́нтскими шага́ми** кутакалда цебе тIезе

ДВИЖЕ́НИ//Е *с* 1) (*перемещение*) багъари, багъа-бачари; **~е во́йска** аскар багъари; **враща́тельное** ~ сверулаго, ххенолаго багъари; **лежа́ть без ~я** вагъаричIого вегун вукIине; **привести́ в ~е** багъаризабизе 2) (*транспорта*) транспорт багъари, хьвади; **железнодоро́жное ~е** маххул нухлул хьвади; **у́личное ~е** къватIазда хьвади 3) (*общественное*) марш, хьвади; **~о́е сторо́нников ми́ра** ракьлил рахъ ккуразул марш, хьвади 4) *филос.* багъари; **нет матéрии без ~я** багъари гьечIеб материя гьечIо ◊ **~е се́рдца** рекIел хIалтIи; **в пье́се ма́ло ~я** пьесаялда багъа-бачари, чIаголъи дагь буго

ДВИ́ЖИМОСТЬ *ж* багъарулеб мулк (*бечелъи*) (*гIи-боцIи, къайи-къоно*)

ДВИ́ЖИМ//ЫЙ, -ая, -ое багъарулеб, багъаризабулеб; **~ый любо́вью к ро́дине** ватIаналде бугеб рокьиялъ вагъаризавурав ◊ **~ое иму́щество** *юр.* багъарулеб мулк

ДВИЖО́К *м тех.* гьитIинаб двигатель (мотор)

ДВИ́ЖУЩ//ИЙ, -ая, -ее багъаризабулеб, хьвадизабулеб; гIиллалъун кколеб, нух бачунеб, социалияб багъа-бачариялъе кьучIлъун кколеб; **~ие си́лы революю́ции** революциялъул нух бачунел къуватал (революция цебе бачунел къуватал)

ДВИ́ НУТЬ *сов. см.* **дви́гать**

ДВИ́НУ//ТЬСЯ *сов. см.* **дви́гаться; ~ться в путь** сапаралъ вахъине; **он не ~лся с ме́ста** дов чIаралъуса вагъаричIо

ДВО́Е *числ.* кIиго(яб); ~ **су́ток** кIиго сордо-къо; **нас бы́ло** ~ ниж кIигоял рукIана ◊ **на свои́х (на) двои́х** *шутл.* лъелго

ДВОЕБО́РЬЕ *с спорт.* двоеборье (кIиго упражнениялдасан гIуцIараб спортивияб къец)

ДВОЕВЛА́СТИЕ *с* цого бакIалда кIиго власть (кверщел) цадахъ букIин

ДВОЕЖЕ́НЕЦ *м* кIиго лъади (чIужу) йигев чи

ДВОЕЖЕ́НСТВО *с* кIиго лъади (чIужу) йикIин

ДВОЕТО́ЧИЕ *с грам.* кIитIанкI (:)

ДВО́ЕЧНИК *м разг.* кIийилачи (*кIийилал къиматал росулев цIалдохъан*)

ДВОИ́ТЬ *несов. что* 1) (*разделять на две части*) кIийиде бикьизе, кIиго гьабизе 2) (*вторично вспахивать*) кIиабизеги бекьизе, бегизе

ДВОИ́Т//ЬСЯ *несов. безл.*: кIилъизе, кIибикьизе; кIиголъун бихьизе; **у него́ ~ся в глаза́х** досда кIиголъун бихьулеб буго

ДВО́ЙК//А *ж* 1) (*цифра*) кIийилаб, кIиго; **написа́ть ~у** кIийилаб хъвазе 2) (*отметка*) кIийилаб; **по арифме́тике он получи́ л ~у** арифметикаялъе досие кIийилаб щвана (ккана) 3) (*игральная карта*) кIийилаб кагъат (*хIалеб*) 4) *спорт.* (*лодка*) кIигояз бачунеб, кIигоял рекIунеб раса

ДВОЙНИ́ К *м* тIубан цогиясда релълъарав чи

ДВОЙН//О́Й, -а́я, -о́е 1) кIигъатаб; **~о́е дно** кIигъатаб тIину 2) (*вдвое больший*) кIиго нухалъ цIикIкIараб ◊ **вести́ ~у́ю игру́** кIиябго рахъ кквезе, кIиябго рахъалъе хIазе

ДВО́ЙН//Я *ж* кIицадахъал, игзал; **она́ родила́ ~ю** долъ кIицадахъал (игзал) гьаруна

ДВО́ЙСТВЕННОСТЬ *ж* 1) (*противоречивость*) дандеккунгутIи, кIиго батIияб рахъ букIин, чIара-хьараб хасият гьечIолъи 2) (*двуличность*) кIигьумерчилъи

ДВО́ЙСТВЕНН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*противоречивый*) данде кколареб; хисардулеб; **~ый хара́ктер** хехго хисардулеб, чIарахьараб гуреб хасият 2) *(двуличный)* кIигьумерав, чи вихьун, рагIи бицунев; **~ая поли́тика** кIигьумераб политика

ДВОР[1] *м* 1) азбар, азбар-къоно; **за́дний ~** нахъисеб азбар 2) (*крестьянское хозяйство*) цIараки; **в а́уле со́рок ~о́в** росулъ кIикъого цIараки буго ◊ **на ~е́ хо́лодно** къватIиб квач(ан) буго; **весна́ на ~е́** их тIаде щвана; **моне́тный ~** гIарац къотIулеб фабрика; **постоя́ лый ~** петер; **быть (прийти́сь) не ко ~у́** данде ккунгутIизе; **у него́ ни кола́ ни ~а́** досул щибниги гьечIо (гьев кьварун вакъварав мискинчи вуго)

ДВОР[2] *м* (*королевский*) *монархиялъулаб гIуцIи бугел улкабазда* пачаясе ва гьесул хъизамалъе хъулухъ гьабулевщинав чи (пачаясул чукъа-рахьан)

ДВОРЕ́Ц *м* чIухIараб мина, гьин (гьундул) 2) кIалгIа; **Дворе́ц пионе́ров** Пионеразул кIалгIа; **Дворе́ц бракосочета́ний** Ригьназул хъвай-хъвагIай гьабулеб кIалгIа

ДВО́РИК *м* гьитIинаб азбар

ДВО́РНИК *м* 1) азбар-къоноялъул рацIцIалъи цIунулев чи 2) *разг.* (*стеклоочиститель*) *автомашинаялъул* цIер бацIцIунеб алат, дворник

ДВО́РНЯ *ж собир. уст.* чукъа-рахьан (*рагIиятчилъиялъул заманалда помещикасул рокъор хъулухъалъе тарал чагIи*)

ДВОРНЯ́ ГА *ж разг. см.* **дворня́ жка**

ДВОРНЯ́ ЖКА *ж* азбар цIунулеб гьой, азбаралъул гьой

ДВОРО́В//ЫЙ, -ая, -ое 1) азбаралъул(аб); **~ый пес** азбаралъул гьой 2) *в знач. сущ.* **~ый** *уст.* **~ые лю́ ди** *рагIиятчилъиялъул заманалда* помещикасул рукъ-бакIалъул тIалаб-агъаз гьабулел чагIи

ДВОРЦО́ВЫЙ, -ая, -ое гьундузул(аб); **~ сад** гьундузул ах ◊ **~ перево́рот** халкъалъ гIахьаллъи гьабичIого, дворалъул партияз хIалица бетIер (монарх) хиси

ДВОРЯНИ́ Н *м* дворянав

ДВОРЯ́ НКА *ж* дворянай

ДВОРЯ́НСК//ИЙ, -ая, -ое дворяназул(аб); **~ое происхожде́ние** дворяназул наслудул чи вукIин

ДВОРЯ́НСТВО *с собир.* дворянлъи, дворянал (*помещиказулги кIудиял хъулухъалзда рукIарал чиновниказулги тIадегIанаб тайпа)*

ДВОЮ́РОДН//ЫЙ, -ая, -ое: **~ый брат** вацгIал; **~ая сестра́** яцгIал

ДВОЯ́ К//ИЙ, -ая, -ое кIиго рахъалъул(аб), кIиго рахъ бугеб; **~ая по́льза** кIиго рахъалъул(аб) пайда; **в ~ом смы́ сле** кIиго магIнаялъул(аб), кIиго магIна бугеб, кIиго магIнаялда

ДВОЯ́КО *нареч.* кIиго батIияб къагIидаялъ, кIиго батIияб кучалъ

ДВОЯКОВО́ГНУТ//ЫЙ, -ая, -ое *физ.* кIиябго рахъ жанибехун гьунтIараб; **~ое зе́ркало** кIиябго рахъ жанибехун хунтIараб матIу

ДВОЯКОВЫ́ ПУКЛ//ЫЙ, -ая, -ое *физ.* кIиябго рахъ цIутIараб; **~ое зе́ркало** кIиябго рахъ цIутIараб матIу

ДВОЯКОДЫ́ШАЩИЕ *мн. зоол.* кIийихъан гьава цIалел ччугIби (*кIалдисанги жабрабаздасанги*)

ДВУБО́РТН//ЫЙ, -ая, -ое кIиябго рахъалда пентал (маргъалал) ругеб; **~ое пальто́** кIиябго рахъалда пентал ругеб (кIиябго рахъалде рахалеб) пальто

ДВУГЛА́В//ЫЙ, -ая, -ое кIибетIераб; **~ый орёл** кIибетIераб цIум (*гербалда*)

ДВУГОЛО́СНЫЙ, -ая, -ое кIигьаркьил(аб)

ДВУГОДИ́ ЧНЫЙ *см.* **двухгоди́ чный**

ДВУГО́РБЫЙ, -ая, -ое кIигъодилаб, кIикъвацIаб; **~ верблю́ д** кIигъодилаб варани

ДВУГРА́ННЫЙ, -ая, -ое кIихьибилаб; **~ у́гол** кIихьибилаб бокIон

ДВУГРИ́ ВЕННЫЙ, *м разг.* гIабаси

ДВУДО́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое 1) *бот.* кIитIелаб 2) кIибикьараб; кIиго бутIаялдасан гIуцIараб; **~ разме́р стиха́** кIибикьараб кочIол роцен (*ямб, хорей*)

ДВУЖИ́ ЛЬНЫЙ, -ая, -ое *разг.* (*выносливый, сильный*) щулияб, кутакаб, къо хIехьолеб

ДВУЗНА́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое *мат.* кIиго гIаламаталдасан (ишараялдасан) гIуцIараб; **~ое число́** кIиго ишараялдасан (гIаламаталдасан) гIуцIараб рикIкIен

ДВУКЛА́ССНЫЙ, -ая, -ое кIиго классалъул(аб) (*школа*)

ДВУКО́ЛКА *ж* кIиго (гьаки)бер бугеб гьоко

ДВУКО́ННЫЙ, -ая, -ое кIиго чу балеб (*пуруц*)

ДВУКРА́ТНО *нареч.* кIиго нухалъ тIатIала, кIицIул

ДВУКРА́ТН//ЫЙ, -ая, -ое кIиго нухалъ тIатIала гьабураб (ккараб), кIицIул(аб); **~ый чемпио́н** кIиго нухалъ тIатIала вахъарав (кIицIул) чемпион; **в ~ом разме́ре** кIиго бутIа, кIиго бутIаялде бахинабун, бецIизе

ДВУЛЕ́ТНИЙ, -яя, -ее (*о растениях*) кIиго сонилаб, кIиго сон балеб (*масала, гъвет1)*

ДВУЛИ́ КИЙ, -ая, -ое 1) мунапикъ 2) *перен.* (*двуликий*) кIигьумерав

ДВУЛИ́ ЧИЕ *с* 1) мунапикълъи 2) *перен.* кIигьумерчилъи, чи вихьун, рагIи бицин

ДВУЛИ́ ЧНОСТЬ *ж см.* **двули́ чие**

ДВУЛИ́ЧНЫЙ, -ая, -ое 1) кIигьумерав, гьумер бихьун, кIалъалев, чи вихьун, рагIи бицунев 2) мунапикъав

ДВУНО́ГИЙ, -ая, -ое кIихIатIилаб

ДВУПО́ЛЫЙ, -ая, -ое *биол., бот.* кIижинсаб, бихьинлъи-цIулъи (кIиябго) бугеб

ДВУПО́ЛЬЕ *с с.-х.* сон бахъун (гьоркьоб биччан), бекьи

ДВУРО́ГИЙ, -ая, -ое *зоол.* кIиго лълъар бугеб

ДВУРУ́ ЧН//ЫЙ, -ая, -ое кIигIоркьилаб, кIиго гIоркь бугеб; **~ая пила́** кIигIоркьилаб хъухъадиро (*кIигояз хIалтIизабулеб гIебса хъухъадиро*)

ДВУРУ́ ШНИК *м* кIигьумерав чи

ДВУРУ́ ШНИЦА *ж* кIигьумерай гIадан

ДВУРУ́ ШНИЧАТЬ *несов.* кIигьумерчилъи гьабизе

ДВУРУ́ШНИЧЕСТВО *с* (*двойная игра*) кIигьумерчилъи; **политѝ ческое ~** политикияб кIигьумерчилъи

ДВУСВЕ́ТН//ЫЙ, -ая, -ое кIиканаб, кIиго рахъалдасан канлъи бугеб; **~ая ко́мната** кIиканаб рукъ

ДВУСКА́ТН//ЫЙ, -ая, -ое кIиябго рахъалде балагьизабун гьабураб, кIийиде лъухъаб; **~ая кры́ша** кIиябго рахъалде балагьи-забун гьабураб тIох, кIиябго рахъалде балагьараб тIох

ДВУСЛО́ЖН//ЫЙ, -ая, -ое кIиго слогалъул(аб); **~ое сло́во** *лингв.* кIиго слогалъул рагIи

ДВУСМЕ́ННЫЙ, -ая, -ое 1) кIиго смена бугеб 2) кIиго смена гьабун хIалтIулеб

ДВУСМЫ́СЛЕННОСТЬ *ж* 1) (*двойственность, уклончивость*) кIиго магIна букIин; чIван къотIараб магIна гьечIолъи 2) (*нескромность)* рекъечIеб бичIчIа-бикъизаби

ДВУСМЫ́ СЛЕНН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*имеющий двоякий смысл*) магIна бахчараб, кIиго батIияб кучалъ бичIчIизе бегьулеб; **~ый отве́т** кIимагIнояб жаваб 2) (*нескромный*) рекъечIеб; **~ая шу́тка** рекъечIеб махсара

ДВУСМЫ́СЛИЦА *ж разг.* кIиго батIияб кучалъ бичIчIизе бегьулеб калам

ДВУСПА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое кIиго чи вегулеб; **~ая крова́ть** кIигоял регулеб кровать

ДВУСТВО́ЛКА *ж* кIиго хIара бугеб туманкI

ДВУСТВО́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое кIиго хIара бугеб; **~ое ружьё** кIиго хIара бугеб туманкI

ДВУСТВО́РЧАТ//ЫЙ, -ая, -ое кIиябго нуцIа рагьулеб; **~ая дверь** кIиябго нуцIа рагьулеб рагьу; **~ая ра́ковина** кIиябго рахъ рагьараб мукIучIи

ДВУСТИ´ ШИЕ *с лит.* кIиго мухъил кечI, кIимухъилаб жугьа

ДВУСТОРО́ННИЙ, -яя, -ее 1) кIиябго рахъ цогояб, кIиябго гьумер цого гIадаб; кIиябго рахъалъул(аб); **~ее сукно́** кIиябго рахъ цогояб исхъали 2) (**обою́дный**) кIиябго рахъалъе цогояб, квегIенаб; **~ий догово́р** кIиябго рахъалъе квегIенаб къотIи

ДВУХ, двум *и т. д. род., дат. п. и т. д. от* **два, две**

ДВУХА́КТН//ЫЙ, -ая, -ое кIиго акталъул(аб); **~ая пье́са** кIиго акталъул пьеса

ДВУХВЕСЕ́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое кIиго раххан бугеб; **двухвесе́льная ло́дка** кIиго раххан бугеб раса

ДВУХГОДИ́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое кIиго сонил, кIиго соналъул(аб); **~ые ку́рсы** кIиго сонил курсал

ДВУХГОДОВА́ЛЫЙ, -ая, -ое кIиго сон бараб; **~ ребёнок** кIиго сон бараб лъимер; багьаб (*куй*)

ДВУХДНЕ́ВНЫЙ, -ая, -ое кIиго къоялъул, кIиго къойил(аб); **в ~ срок** кIиго къоялъул болжалалда

ДВУХЖИ́ ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое кIиго чIваялъул, кIиго рихьалъул; гъаталъул; **~ая верёвка** кIиго чIва (кун) кьурун гьабураб квар

ДВУХЗА́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое кIиго залалъул(аб); **~ кинотеа́тр** кIиго зал бугеб кинотеатр

ДВУХКВАРТИ́РНЫЙ, -ая, -ое кIиго квартираялъул(аб); **~ дом** кIиго квартираялъул(аб), кIиго квартира бугеб мина

ДВУХКОЛЕ́ЙН//ЫЙ, -ая, -ое кIинухлул(аб); **~ая желе́зная доро́га** кIинухлулаб, кIиго нух бугеб маххулнух

ДВУХКОЛЁСНЫЙ, -ая, -ое кIиго гьакибералъул(аб), кIиго гьакибер бугеб; **~ велосипе́д** кIиго гьакибералъул(аб), кIибераб, кIиго гьоко бугеб велосипед

ДВУХКО́МНАТН//ЫЙ, -ая, -ое кIиго рукъалъул(аб); **~ая кварти́ра** кIиго рукъ бугеб квартира

ДВУХКОПЕ́ЕЧНЫЙ, -ая, -ое 1) кIиго кепкил багьаяб 2) *перен.* кIиго кепкил (*гIарац*)

ДВУХЛА́МПОВЫЙ, -ая, -ое кIиго чирахъ бугеб; **~ приёмник** кIиго чирахъ бугеб приёмник (радиоприёмник)

ДВУХЛЕМЕ́ШНЫЙ, -ая, -ое *с.-х.* кIиго кутнамахх бугеб; **~ плуг** кIиго махх бугеб кутан

ДВУХЛЕ́ТИЕ *с* 1) (*срок*) кIиго сон 2) (*годовщина*) кIиго сон тIубай

ДВУХЛЕ́ТН//ИЙ, -яя, -ее 1) (*о сроке*) кIиго соналъул(аб) 2) (*о возрасте*) кIиго сон бараб; **~ий ма́льчик** кIиго сон барав вас 3) *бот.* кIиго сон балеб; **~ие расте́ния** кIиго сон (лъагIел) балел хурдул

ДВУХМА́ЧТОВ//ЫЙ, -ая, -ое *мор.* кIиго гIер (мачта) бугеб, кIиго гIералъул(аб); **~ое су́дно** кIиго гIер (мачта) бугеб гама

ДВУХМЕ́СТН//ЫЙ, -ая, -ое кIиго чиясе бакI бугеб; кIиго бакI бугеб; **~ое купе́** кIиго чиясе бакI бугеб купе

ДВУХМЕ́СЯЧН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*о сроке*) кIиго моцIалъул(аб); **~ые ку́рсы** кIиго моцIалъул(ал) курсал 2) (*о возрасте*) кIиго моцI бараб; **~ый ребёнок** кIиго моцI бараб лъимер

ДВУХМОТО́РНЫЙ, -ая, -ое кIиго моторалъул(аб); **~ самолёт** кIиго мотор бугеб самолет

ДВУХНЕДЕ́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*о сроке*) кIиго анкьил, кIиго анкьалъул(аб); **~ая зарпла́та** кIиго анкьил харж 2) (*о возрасте*) кIиго анкь бараб 3) (*о периодичности*) кIиго анкьида жаниб биччалеб, бачIунеб (*журнал, газета*)

ДВУХОСНО́ВНЫЙ, -ая, -ое *лингв.* кIиго аслуялъул(аб)

ДВУХО́СНЫЙ, -ая, -ое кIиго хIос бугеб

ДВУХПАЛА́ТНЫЙ, -ая, -ое кIиго палатаялъул(аб); **~ парла́мент** кIиго палатаялъул(аб) (кIиго палатаялдасан гIуцIараб) парламент

ДВУХПА́ЛУБНЫЙ, -ая, -ое *мор.* кIиго палубаялъул(аб), кIиго палуба (тIокъо) бугеб (*гама*)

ДВУХПАРТИ́ЙН//ЫЙ, -ая, -ое кIиго партиялъул(аб); **~ая систе́ма** кIиго партиялъул(аб) къагIида, гIуцIи (система)

ДВУХПО́ЛЮСНЫЙ, -ая, -ое кIиго полюсалъул(аб), кIиго полюс бугеб

ДВУХПРОЦЕ́НТНЫЙ, -ая, -ое кIиго процеталъул(аб)

ДВУХРАЗОВ//ЫЙ, -ая, -ое кIиго нухалъул(аб); **~ пита́ние** кIиго нухалъ кьолеб квен (кIиго нухалъ кваназари)

ДВУХРЕ́ЛЬСОВЫЙ, -ая, -ое кIиго рельсалъул(аб), кIиго рельс бугеб

ДВУХРЯ́ДНЫЙ, -ая, -ое кIиго кьералъул(аб), кIиго мухъалъул(аб)

ДВУХСЛО́ЙНЫЙ, -ая, -ое кIиго гъаталъул(аб), кIиго гъат бугеб

ДВУХСО́Т, двумста́м *и т. д. род., дат. п. и т. д. от* **две́сти**

ДВУХСОТЛЕ́ТИЕ *с* 1) (*срок*) кIинусго сон 2) (*годовщина*) кIинусго сон тIубай; **~ основа́ния го́рода** шагьаралъ (шагьар баралдаса) кIинусго сон тIубай

ДВУХСОТЛЕ́ТНИЙ, -яя, -ее 1) (*о возрасте*) кIинусго сон бугеб 2) (*о годовщине*) кIинусго сон бараб

ДВУХСО́ТЫЙ, -ая, -ое *числ.* кIинусабилеб; **~ но́мер** кIинусабилеб номер

ДВУХСТРУ´ ННЫЙ, -ая, -ое кIиго чIва бугеб (*пандур*)

ДВУХСТУПЕ́НЧАТ//ЫЙ, -ая, -ое кIиго мегIели (хIокI, ступень) бугеб; **~ая раке́та** кIиго ступеналъул (бутIаялъул) ракета

ДВУХТА́КТНЫЙ, -ая, -ое 1) *муз.* кIиго такталъул(аб) 2) *тех.* кIиго такталъул(аб); **~ дви´гатель** кIиго такталъул(аб) двигатель

ДВУХТО́МНИК *м* кIиго том бугеб, кIиго томалдасан гIуцIараб

ДВУХТО́МНЫЙ, -ая, -ое кIиго томалъул(аб)

ДВУХФА́ЗНЫЙ, -ая, -ое *эл.* кIиго фазаялъул(аб)

ДВУХЦВЕ́ТН//ЫЙ, -ая, -ое кIикьераб, кIиго кьералъул(аб); **~ое зна́мя** кIикьераб байрахъ; **~ая печа́ть** *полигр.* кIикьераб печать (басма)

ДВУХЧАСОВО́Й, -ая, -ое 1) (*продолжительностью в два часа*) кIиго сагIаталъул(аб), кIиго сагIаталъ халат бахъараб; **~ докла́д** кIиго сагIаталъ халат бахъараб доклад 2) (*назначенный на два часа*) сагIат кIигоялда букIунеб (лъугьунеб); **~ по́езд** сагIат кIигоялда унеб поезд

ДВУХЯ́РУСНЫЙ, -ая, -ое кIиго гъаталъул(аб), кIиго ярусалъул(аб)

ДВУХЭТА́ЖНЫЙ, -ая, -ое кIитIалаяб; **~ дом** кIитIалаяб мина

ДВУЯЗЫ´ ЧН//ЫЙ, -ая, -ое 1) кIиго мацI хIалтIизабулеб (лъалеб); **~ый наро́д** кIиго мацI хIалтIизабулеб (лъалеб) халкъ 2) (*составленный на двух языках*) кIиго мацIалда гIуцIараб; **~ый слова́рь** кIиго мацIалда гIуцIараб словарь

ДЕБАТИ´ РОВАТЬ *несов. что, о чем* бахIс гьабизе, *кинаб бугониги* макъалаялда *ва гь. ц.* тIасан къацандизе, бахIс гьабизе

ДЕБА́ТЫ *мн.* бахIс, дагIба-къец *(кинаб бугониги суалалда тIасан),* гьоркьоб лъей

ДЕБЕ́Л//ЫЙ, -ая, -ое *разг.* кьарияб, бицатаб, буччараб; **~ый челове́к** кьарияв (вицатав) чи

ДЕ́БЕТ *м бухг.* дебет (*бачIин – налъи бихьизабулеб счет*)

ДЕБИ´ Т *м* дебит (*цо хасаб заманалда жаниб бачIунеб лъадал*, *газалъул, нартил къадар)*

ДЕБИТО́Р *м бухг.* налъулав, дебитор

ДЕБО́Ш *м разг.* гъалмагъир, кьабгIей; **устро́ить ~** гъалма-гъир багьаризабизе

ДЕБОШИ´ Р *м разг.* гъалмагъирчи

ДЕБОШИ́РИТЬ *несов. разг.* гъалмагъир гьабизе, кьабезе (кьабгIезе)

ДЕ́БРИ *мн.* 1) (*лесные*) ризаб, керчаб, гъамилараб рохь 2) *разг.* (*глушь*) рикIкIадаб, тохаб бакI 3) *перен. кинаб бугониги* гIелмуялъул бичIчIулареб, захIматаб бакI

ДЕБЮ´ Т *м* дебют (1) *сценаялде хIазе тIоцеве (дебюталде, хIал бихьизе) вахъин* 2) *шахматал хIаялъул (партиялъул) авал, байбихьи*)

ДЕБЮТА́НТ *м* дебютант *(тIоцеве хIазе вахъунев чи)*

ДЕБЮТА́НТКА *ж* дебютантка *(тIоцее хIазе яхъуней гIадан)*

ДЕБЮТИ́РОВАТЬ *сов. и несов.* сценаялда хIазе тIоцеве (хIал бихьизе, дебюталде) вахъине

ДЕ́ВА[1] *ж поэт.* яс ◊ **ста́рая ~** херлъизегIан ригьнаде инчIей гIадан

ДЕ́ВА[2] *ж астр. Д*ева (*цIвабзазул руккелазул цояб*)

ДЕВАЛЬВА́ЦИЯ *ж эк.* девальвация (*гIарцул реформа; кагъатгIарцул тIад хъвараб багьа; базар къиматалда рекъон, гIодобе бачин*)

ДЕВА́ТЬ(СЯ) *сов. и несов. см.* **де́ть(ся)**

ДЕ́ВЕРЬ *м* росасул вац

ДЕВИ́ЗЗ *м* девиз (1. *аслияб идея баян гьабулеб къокъаб калам;* 2. *авторас конкурсалде кьолеб асаралда гьоркь цIаралъул ба-кIалда хъвалеб рагIи*)

ДЕВИ́Ц//А *ж* яс(ай); **молода́я ~** гIолохъанай яс(ай) ◊ **в ~ах** росасе инегIан

ДЕВИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое *см.* **де́вичий**

ДЕ́ВИЧ//ИЙ, -ья, -ье ясалъул (ясазул); **~ья фами́лия** яслъуда, росасе иналде букIараб фамилия ◊ **па́мять ~ья** *шутл.* ракIалда жо чIунгутIи

ДЕ́ВИЧЬЯ *ж уст.* ясазул рукъ

ДЕ́ВКА *ж разг.* яс(ай) ◊ **засиде́ться в ~х** росасе инчIого, хутIизе (рокъой хутIизе)

ДЕ́ВОЧКА *ж* гьитIинай яс

ДЕ́ВСТВЕННИК *м* васлъи хвечIев (цIунарав) вас

ДЕ́ВСТВЕННИЦА *ж* яслъи хвечIей (цIунарай) яс

ДЕ́ВСТВЕННОСТЬ *ж* яслъи цIуни

ДЕ́ВСТВЕННЫЙ, -ая, -ое 1) бикрияб 2) *перен.* квер хъвачIеб, квалквадизабичIеб; **~ лес** квер хъвачIеб рохь (жиги гIащтIи хъвачIеб рохь)

ДЕ́ВУШКА яс(ай) (*гIурай яс*)

ДЕВЧА́ТА *мн. разг.* ясал

ДЕВЧО́НКА *ж разг.* гьитIинай яс

ДЕВЯНО́СТО *числ.* ункъоялда анцIго

ДЕВЯНОСТОЛЕ́ТНИЙ, -яя, -ее 1) (*о возрасте*) ункъоялда анцIго сон барав 2) (*о годовщине*) ункъоялда анцIго сонилаб

ДЕВЯНО́СТ//ЫЙ, -ая, -ое *числ.* ункъоялда анцIабилеб; **ему́ пошёл ~ый год** гьев ункъоялда анцIабилеб сонил гIумруялда вуго; **~ые го́ды** ункъоялда анцIабилел сонал

ДЕВЯТИБА́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое ичIго баллалъул(аб); **~ што́рм** ичIго баллалъул(аб) шторм (гьури)

ДЕВЯТИГЛА́ВЫЙ, -ая, -ое ичIбетIераб; **~ змей** *фольк.* ичIбетIераб аздагьо

ДЕВЯТИДНЕ́ВНЫЙ, -ая, -ое ичIго къойил(аб), ичIго къоялъул

ДЕВЯТИЛЕ́ТНИЙ, -яя, -ее 1) (*о сроке*) ичIго сонил(аб) 2) (*о возрасте*) ичIго сон (тIу)бараб

ДЕВЯТИМЕ́СЯЧНЫЙ, -ая, -ое 1) (*о сроке*) ичIго мо-цIалъул(аб) 2) (*о возрасте*) ичIго моцI бараб

ДЕВЯТИСО́ТЫЙ, -ая, -ое *числ.* ичIнусабилеб

ДЕВЯТИЭТА́ЖНЫЙ, -ая, -ое ичIтIалаяб, ичIго тIала бугеб

ДЕВЯ́ТКА *ж* 1) (*цифра*) ичIилаб 2) (*карта*) ичIилаб кагъат

ДЕВЯТНА́ДЦАТЬ *числ.* анцIила ичIго

ДЕВЯ́ТЫЙ, -ая, -ое *числ.* ичIабилеб ◊ **~ вал** бищун кIудияб ва хIинкъи бугеб карачел

ДЕВЯ́ТЬ *числ.* ичIго

ДЕВЯТЬСО́Т *числ.* ичIнусго

ДЕВЯТЬЮ́ *нареч.* ичIго нухалъ; ичIцIул; **~ пять – со́рок пять** ичIцIул щуго – кIикъоялда щуго

ДЕГАЗА́ТОР *м* дегазатор (*газалдаса бацIцIад гьабулеб алат*)

ДЕГАЗА́ЦИЯ *ж* газалдаса бацIцIад гьаби

ДЕГАЗИ́РОВАТЬ *сов. и несов. что* газалдаса бацIцIад гьабизе

ДЕГЕНЕРА́Т *м* чорхолъ яги гIакълуялъулъ мукъсанлъи бугев чи

ДЕГЕНЕРАТИ́ВНЫЙ, -ая, -ое чорхолъ яги гIакълуялъулъ мукъсанлъи бугев

ДЕГЕНЕРА́ТКА *ж* чорхолъ яги гIакълуялъулъ мукъсанлъи бугей гIадан

ДЁГОТЬ *м* дёготь *(цIуладаса, тIорччодаса, гIериялдаса бахъулеб пицIмахIаб лъамалъи)*

ДЕГРАДА́ЦИЯ *ж* дагь-дагьккун нахъеккей, къадарлъи

ДЕГРАДИ́РОВАТЬ *сов. и несов.* дагь-дагьккун нахъе ккезе, къадарлъизе

ДЕГУСТА́ТОР *м* дегустатор (*гьакълил, чайдул, танхъил качество, тIагIам бихьун лъалев специалист*)

ДЕГУСТА́ЦИЯ *ж* дегустация (*татуялъухъ балагьун, хIадур гьабулаго, продукталъул качество чIезаби*)

ДЕГУСТИ́РОВАТЬ *сов. и несов. что* дегустация гьабизе

ДЕД *м* 1) кIудада, кIудияв эмен 2) *разг.* (*старый человек*) херав 3) **~ы** *мн.* (*предки*) умумул; **здесь бы́ли на́ши ~ы** гьанир рукIана нилъер умумул ◊ **~-моро́з** дед-мороз (гIазул кIудада)

ДЕ́ДОВСК//ИЙ, -ая, -ое 1) кIудадал 2) (*старинный*) некIсияб, умумузул(аб), цебегосеб, басралъараб; **~ие обы́чаи** некIсиял гIадатал

ДЕДУКТИ́ВНЫЙ, -ая, -ое дедукциялъул(аб)

ДЕДУ́КЦИЯ *ж лог.* дедукция (*цебехунеселдасан гIицIаб логикияб куцалда цIияб хIасил босулеб метод, кьагIида*)

ДЕ́ДУШКА *м* 1) *см.* **дед** I, 2 2) (*при обращении*) кIудада (*реэдун абулеб*)

ДЕЕПРИЧА́СТИЕ *с грам.* деепричастие

ДЕЕПРИЧА́СТНЫЙ, -ая, -ое *грам.* деепричастияб; **~ оборо́т** деепричастияб свери, гIуцIи

ДЕЕСПОСО́БНОСТЬ *ж* бажари (1**.** *книжн. кинаб бугониги иш гьабизе кIвей;* 2**.** *юр. кинаб бугониги иш гьабизе бегьи ва гьелъул жаваб кьезе ккей*)

ДЕЕСПОСО́БНЫЙ, -ая, -ое жо бажарулев (1**.** *книжн. кинаб бугониги иш гьабизе бажарулев;* 2. *юр. кинаб бугониги иш гьабизе бегьулеб ва гьелъул жаваб кьезе кколеб*)

ДЕЖУ́РИТЬ *несов.* 1) дежурналъи гьабизе; **~ по шко́ле** школалда дежурналъи гьабизе 2) цIикIкIун мехалъ нахъе инчIого чIезе *(лъиданиги – сунданиги аскIов);* **~у посте́ли больно́го** унтарасда аскIов гIемераб мехалъ вукIине

ДЕЖУ́РН//ЫЙ, -ая, -ое 1) дежурнияв; **~ врач** дежурнияв тохтур; **~ая апте́ка** дежурнияб аптека 2) *в знач. сущ.* **~ый** *м*: **~ый по шко́ле** школалда дежурний ◊ **~ое блю́до** кидаго кьолеб, хIадурун букIунеб квен

ДЕЖУ́РСТВО *с* дежурналъи

ДЕЗЕРТИ́Р *м прям., перен.* дезертир (армиялдаса яги гьелде ахIиялдаса лъутарав чи)

ДЕЗЕРТИ́РОВАТЬ *сов. и несов.* нахъе лъутизе (тIуризе)

ДЕЗЕРТИ́РСТВО *с* 1) *воен.* дезертирлъи (армиялдаса я гьелде ахIиялдаса лъути) 2) *перен.* жамгIияб борч тIубазабиялдаса лъути, хIалтIудаса лъути

ДЕЗИНФЕ́КЦИЯ *ж* дезинфекция (*унти бахинабулел микробал хасаб даруялдалъун тIагIинари*)

ДЕЗИНФИЦИ́РОВАТЬ *сов. и несов. что* дезинфекция гьабизе; **~ оде́жду больно́го** унтарав чиясул ретIелалъе дезинфекция гьабизе

ДЕЗИНФОРМА́ЦИЯ *ж* мекъияб информация

ДЕЗИНФОРМИ́РОВАТЬ *сов. и несов. кого-что* мекъи ккезавизе, мекъияб информация (*баян, хабар*) тIибитIизабизе

ДЕЗОРГАНИЗА́ТОР *м* низам биххизабулев, низам-тартиб хвезабулев чи

ДЕЗОРГАНИЗА́ЦИЯ *ж* (*гIуцIцIун букIараб ишалъул*) низам биххизаби

ДЕЗОРГАНИЗОВА́ТЬ *сов. и несов. кого-что* бугеб низам биххизабизе (хвезабизе) *(сундулниги- лъилниги)*

ДЕЗОРИЕНТА́ЦИЯ *ж* (*по гл.* **дезориенти́ровать**) мухъ-рахъ лъаларого лъугьин, бакI къосин; щиб гьабилебали лъаларого хутIи

ДЕЗОРИЕНТИ́РОВАТЬ *сов. и несов. кого-что* бакI къосинабизе; щиб гьабилебали лъаларого, хутIизабизе

ДЕЗОРИЕНТИ́РОВАТЬСЯ *сов. и несов.* бакI къосине, щиб гьабилебали лъаларого хутIизе

ДЕ́ЙСТВЕННОСТЬ *ж* жигараб куцалда асар гьабун бажари

ДЕ́ЙСТВЕНН//ЫЙ, -ая, -ое цIакъ асар гьабулеб; **~ое сре́дство** асар гьабулеб тадбир

ДЕ́ЙСТВИ//Е *с* 1) (*деятельность*) хIалтIи, иш гьаби, хьвади; **привести́ в ~е** хIалтIизе биччазе, тIамизе; **план ~й** хIалтIул, ишалъул план; **предста́вить** *кому-л.* **свобо́ду ~й** рекIее бокьараб гьабизе биччай (*лъие бугониги*); **привести́ маши́ну в ~е** машина хIалтIизе биччазе 2) (*договора, соглашения и т. п.*) хIал, къуват; **догово́р сохраня́ет ~е четы́ре го́да** къотIиялъул къуват ункъо соналъ цIунула 3) *мн.* **~я** (*поступки*) гIамалал, ишал; **пресе́чь самово́льные ~я** живго лъикIав лъугьун гьарулел ишал гьукъизе, къотIизаризе 4) (*воздействие*) асар; **~е лека́рства** дарудал асар; **благотво́рное** ~ лъикIаб асар (гьаби) 5) *театр.* пардав (*пьесая-лъул*); **коме́дия в трех ~ях** лъабго пардавалъулаб комедия 6) (*повествование и т. п.*): **~е происхо́дит в го́роде** иш шагьаралда лъугьунеб, кколеб буго 7) *мат.* гIамал, хIисаб; **четы́ре ~я ариф-**

ме́тики арифметикаялъул ункъо гIамал 8) *физ.* асар; **~е равно́ противоде́йствию** жинца гьабулеб асар данде гьабулеб асаралда бащадаб буго ◊ **воéнные ~я** рагъулал ишал

ДЕЙСТВИ́ ТЕЛЬНО 1) *нареч.* (*в самом деле*) хIакъикъаталда (ги); **он ~ заболе́л** дов хIакъикъаталдаги унтана 2) *в знач. вводн. сл.* унго-унголъунги, абухъего, битIухъе бицани; **~, ты бы́л прав** унго-унголъунги, мун витIарав вукIун вуго

ДЕЙСТВИ́ ТЕЛЬНОСТ//Ь *ж* хIакъикъат, унго-унголъи; **преврати́ть возмо́жность в ~ь** бугеб рес гIумруялде бахъинабизе; ◊ **в ~и** хIакъикъаталдаги

ДЕЙСТВИ́ ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое хIакъикъияб, унго-унгояб; гуч, ихтияр бугеб; асар гьабулеб; **~ый факт** унго-унгояб хIужжа; **биле́т действи́ телен на тро́е су́ток** билет лъабго сордо-къоялъе (мехелалъе) ихтияр бугеб (хIакъикъияб) буго ◊ **~ая слу́жба** аскарияб хъулухъ; **~ый член Акаде́мии наук** ГIелмабазул академиялъул хIакъикъияв член

ДЕ́ЙСТВ//ОВАТЬ *несов.* 1) (*поступать*) иш билъалъинабизе; **он ~овал хорошо́** дос иш лъикI билъалъинабулеб букIана; **он ~овал по зако́ну** дос законияб куцалда (къануналда рекъон) иш билъалъинабулеб букIана; **нам ну́жно ~овать** нилъеца иш билъалъинабизе ккола 2) (*функционировать*) хIалтIизе; **телефо́н не ~ует** телефон хIалтIулеб гьечIо; **у него́ не ~ует пра́вая рука́** досул кванараб квер хIалтIулеб гьечIо 3) *на кого-что* (*оказывать влияние*) асар гьабизе; **сы́ рость о́чень пло́хо ~ует на меня́** регьелалъ дие цIакъ квешаб асар гьабула 4) *чем-л.* хIалтIизабизе; **~оватьору́жием** ярагъ хIалтIизабизе ◊ **зако́н ~ует со дня оглаше́ния** закон хIалтIула лъазабураб къоялдаса нахъе

ДЕ́ЙСТВУЮЩ//ИЙ, -ая, -ее 1) (*о механизме и т. п.*) иш гьабулеб, хIалтIулеб 2) (*о законах и т. п.*) хIалтIулеб ◊ **~ая а́рмия** рагъда бугеб армия; **~ее лицо́:** а) *театр., лит.* иш гьабулев (гIахьаллъулев) чи; б) (*участники какого-л. события*) *кинаб бугониги лъугьа-бахъиналъулъ* гIахьаллъи гьабулел чагIи

ДЕ́КА *ж муз.* дека (*чIваби ругел музыкалиял алатазда гьаркьил зири рекъезабулеб бутIа)*

ДЕКАБРИ́ С//ТЫ *мн. ист.* (*ед.* **~т** *м*) декабристал (1*825-соналъул 13-абилеб декабралда Россиялда восстаниялда гIахьаллъи гьабурал чагIи*)

ДЕКА́БР//Ь *м* декабрь; **в ~е ме́сяце** декабрь моцIалъ (моцIалда)

ДЕКА́БРЬСКИЙ, -ая, -ое декабралъул(аб); **Дека́брьское восста́ние 1905 го́да** 1905-абилеб соналъул декабралъулаб восстание

ДЕКА́ДА *ж* 1) декада, анцIго къо 2) *сундулъ бугониги* гIахьаллъи гьарураб анцIго къо; **~ украи́нской литерату́ры** Украинаялъул литератураялъул (адабияталъул) декада

ДЕКА́ДНЫЙ, -ая, -ое декадаялъул(аб); **~ срок** декадаялъул болжал,анцIго къоялъул болжал

ДЕКА́Н *м* декан (*вузалда факультеталъул бетIер*); **~ истори́ческого факульте́та** историкияб факультеталъул декан

ДЕКАНА́Т *м* деканат (*деканасул бетIерлъиялда факультеталъул тIалаб гьабулеб гуцIи*)

ДЕКВАЛИФИКА́ЦИЯ *ж* 1) (*по гл.* **деквалифици́ровать**) махщел, квалификация хвезаби, тIагIинаби 2) (*по гл.* **деквалифици́ роваться**) махщел, квалификация хвей, тIагIин

ДЕКВАЛИФИЦИ́ РОВАТЬ *сов. и несов. кого кинаб бугониги* ишалдаса ватIа гьавизе, нахъе къотIизе (*щивниги*)

ДЕКВАЛИФИЦИ́РОВАТЬСЯ *сов.* махщел, квалификация хвезе

ДЕКЛАМА́ТОР *м* декламатор (*рекIее асар гьабуледухъ пасихIго кучIдул ва ц. цIалулев махщелчи*)

ДЕКЛАМА́ЦИЯ *ж* декламация (*пасихIго, рекIее асар гьабуледухъ, цIали*)

ДЕКЛАМИ́ РОВАТЬ *несов. что* декламация гьабизе, рекIее асар гьабуледухъ цIализе

ДЕКЛАРАТИ́ ВН//ЫЙ, -ая, -ое декларативияб, киназдаго лъазелъун тIибитIизабураб; **~ое заявле́ние** декларативияб, киназдаго рагIизабураб лъазаби

ДЕКЛАРА́ЦИЯ *ж* декларация (*официалияб къагIидаялъ финансазулал идарабазе кьолеб баян);* **торго́вая ~** даран-базаралъул(аб) декларация

ДЕКЛАРИ́РОВАТЬ *сов. и несов. что* декларация гьабизе, тIатун лъазабизе, кIудияб къагIидаялда машгьур гьабизе, киназдаго рагIизе, загьир гьабизе

ДЕКЛАССИ́РОВАННЫЙ, -ая, -ое жиндир(го) классалдаса тIурав, жиндир классиял гIаламатал тIагIарав, лъугIарав

ДЕКОЛЬТЕ́ *с нескл.* декольте (*керен-габур цебе лъураб руччабазул ретIел*)

ДЕКОЛЬТИ́РОВАННЫЙ, -ая, -ое (*о платье*) керен-габур цебе лъураб (*гурде*)

ДЕКОРАТИ́ВН//ЫЙ, -ая, -ое берцинлъиялъе, бихьизелъун гьабураб; **~ые цветы́** декоративиял тIугьдул (*къватIисан, жанисан, рукъзал чIухIизаризе чIолел тIугьдул*)

ДЕКОРА́ТОР *м* декоратор (1. *декорация гьабулев художник;* 2 *декорацияльул специалист*)

ДЕКОРА́ЦИ//Я *ж* декорация (*театралда сценаялъул къачIа-кIатIай*) ◊ **переме́на ~й** шартIал, ахIвал-хIал хиси

ДЕКОРИ́ РОВАТЬ *сов. и несов. что* тIасарахъ къачIазе (чIухIизабизе, берцинлъизабизе); **~ зал цвета́ми** тIугьдуз зал чIухIизабизе

ДЕКРЕ́Т *м* 1) декрет, законияб (къанунияб) буюрухъ; **декрет о земле́** ракьалъул хIакъалъул декрет 2) *разг.* декрет; **быть в ~е** декреталда йикIине (*лъимер гьабизе (лъимаде) йигей гIадан*)

ДЕКРЕ́ТНЫЙ, -ая, -ое декретияб, декреталда хурхараб; **~ о́тпуск** декретияб отпуск (*лъимаде йигей гIаданалъе кьолеб*)

ДЕ́ЛАНН//ЫЙ, -ая, -ое гьабураб, гъураб, тIабигIияб гуреб; **~ая улы́ бка** гьабураб гьими, тIабигIияб гуреб гьими; **~ое весе́лье** гьабураб кеп, тIабигIияб гуреб (релъалъинчIеб) кеп

ДЕ́ЛА//ТЬ *несов. что* 1) *в разн. знач.* гьабизе; **что ~ть?** щиб гьабилеб?; **~ть стул** бакI гьабизе; **~ть уро́ки** дарсал гьаризе; **~ть гимна́стику** гимнастика гьабизе; **~ть пода́рок** сайгъат гьабизе; **~ть оши́бки** гьалатIал гьаризе; **~ть о́пыты** хIалбихьиял гьаризе 2) (*заказывать*) гьабизе, лъугьинабизе; **я ~ю себе́ пла́тье** дица диего гурде гьабулеб буго ◊ **~ть вы́ вод** хIасил гьабизе; **~ть вы́ бор** тIаса бищизе; **~ть докла́д** доклад гьабизе; **~ть долги́** налъаби гьари́ зе; **от не́чего ~ть** гьабизе жо тIагIун; **~ть больши́ е глаза́** гIажаиблъун лъугьине; бер биххизе; **~ть вид, что …** хвел гьабизе; **~ть предложе́ние** лъадилъун ячIаян гьаризе

ДЕ́ЛА//ТЬСЯ *несов* 1) (*происходить*) лъугьине; **что у вас ~ется до́ма?** нужер рокъоб щиб лъугьунеб бугеб?; **что с ним ~ется?** досие щиб лъугьунеб бугеб; 2) (*становиться*) лъугьине; **пого́да ~ется лу́чше** гьава-бакъ лъикI лъугьунеб буго

ДЕЛЕГА́Т *м* делегат, вищарав вакил; **~ы конфере́нции** конференциялъул делегатал

ДЕЛЕГА́ТКА *ж* делегатка(делегатлъун йищарай гIадан)

ДЕЛЕГА́ТСКИЙ, -ая, -ое делегатасул(аб); **~ биле́т** делегатасул(аб) билет

ДЕЛЕГА́ЦИЯ *ж* делегация (*коллективалъ рищарал ва цо иш тIад къан ритIарал вакилзаби*); **прави́тельственная ~** хIукуматалъул(аб) делегация

ДЕЛЕГИ́ РОВАТЬ *сов. и несов. кого* делегатлъун, вакиллъун витIизе; вакиллъун вищизе

ДЕЛЕ́Ж *ж разг.* би́кьи; **~ иму́щества** мал-мулк, буголъи бикьи

ДЕЛЕ́ЖКА *ж разг.* **деле́ж**

ДЕЛЕ́НИ//Е *с* 1) (*по гл.* **дели́ть**) би́кьи; **~е иму́щества** буголъи, бечелъи, боцIи-панз би́кьи; **~е ядра́** *физ.* ядро бикьи 2) (*по гл.* **дели́ ться**) биххун, бикьун ин; **~е на ча́сти** бутIабазде бикьун ин; **~е кле́тки** *биол.* клетка бикьи 3) (*на шкале*): **~я термо́метра** термометралъул бикьи́ (*кIиго хIуччалда гьоркьоб бугеб*) 4) *мат.* бикьи́

ДЕЛЕ́Ц *м* гIицIго жиндирго ишалъе квалквадулев чи, базарган, комерсант

ДЕЛИКАТЕ́С *м* деликатес (тIаса бищараб, бищун лъикIаб квен)

ДЕЛИКА́ТНИЧАТЬ *несов. разг.* тIасан борчIараб адаб гьабизе; цIакъго хIеренлъизе

ДЕЛИКА́ТНОСТЬ *ж* тIасан борчIараб адаб-хIурмат буголъи, хIурмат буголъи; хIеренлъи, недегьлъи; цIодо-гьодорлъи; узданлъи

ДЕЛИКА́ТНЫЙ, -ая, -ое 1) адаб, хIурмат бугеб 2) *разг.* хIеренаб, недегьаб; цIодорго гьабизе кколеб; **~ вопро́с** цIодорго тIубазе кколеб суал

ДЕЛИ´ МОЕ *с мат.* жиб бикьулеб

ДЕЛИ´ МОСТЬ *ж* бикьизе бегьи, нахъе хутIичIого, бикьун ин

ДЕЛИ´ ТЕЛЬ *м мат.* жинде бикьулеб

ДЕЛИ́ТЬ *несов.* 1) *кого-что* бикьизе; **~ хлеб** чед бикьизе; **~ ученико́в на гру´ппы** цIалдохъаби группабазде рикьизе; **~ иму́щество** боцIи-панз, буголъи бикьизе 2) *мат.* бикьизе; **~ два́дцать на пять** къого щуйиде бикьизе 3) *что с кем перен.* бикьизе; **~** *с кем-л.* **го́ре и ра́дость** рохелги пашманлъиги бикьизе (гIахьал гьабизе) ◊ **~ шку́ру неуби´ того медве́дя** жеги ргIалде бахъинчIеб ишалъул хIасил гьабизе (*хъуйдалъго гьечIеб гIанкI, цIеда лъураб гереги*)

ДЕЛИ́ТЬСЯ *несов.* 1) бикьизе; **де́сять де́лится на пять** анцIго щугоялде бикьула; **ученики´ де́лятся на гру́ппы** цIалдохъаби группабазде рикьула 2) *чем с кем;* **~ куско́м хле́ба** чадил кесек бикьизе (гIахьал гьабизе)

ДЕ́Л//О *с* 1) (*занятие*) иш; **нача́ть ~о** иш байбихьизе; **у него́ мно́го дел** досул гIемерал ишал руго; **сиде́ть без ~а** иш гьечIого вукIине; **~о ста́ло** иш чIана; **~о кипи´ т** иш лъикI унеб буго 2) *мн.* **~а́** *кого* (*положение вещей, обстоятельства*) ишал, хIалал; **как ва́ши ~а?** нужер щиб хIал бугеб?: **его́ ~а́ плохи´** досул иш квеш буго 3) (*предмет, цель забот*) иш; **э´ то моё ~о** гьеб дир иш буго; **э´то не его́ ~о** гьеб досул иш гуро; **быть в ку́рсе ~а** ишалъул хIакъикъат лъазе; **како́е тебе́ ~о?** дур иш щиб?; **вме́шиваться не в своё ~о** жиндир гуреб ишалда гьоркьове лъугьине 4) (*поступок*) иш; **ты сде́лал хоро́шее ~о** дуца лъикIаб иш гьабуна 5) *юр.* дело (*судалда бугеб*); **заслу́шать ~о** делоялъухъ гIенеккизе; 6) *канц.* дело 7) (*работа, специальность*) хIалтIи, хъулухъ, иш; **вое́нное ~о** ргъулаб хъулухъ 8) (*событие*) иш; **э´то ~о случи´лось ле́том** гьеб иш риидал ккана 9) *уст.* (*предприятие*) иш; ◊ **в са́мом ~е, на са́мом ~е** хIакъикъаталдаги; **пе́рвым ~ом** тIоцебесеб иргаялда; **спо́рное ~о** дагIба(ялда) бугеб иш; **слы´ханное ли э´то ~о?** гьеб ргIараб ишищха (жойищха) бугеб?; **э´то совсем друго́е ~о** цебе букIаралдаса тIубанго батIияб буго; **~о за ва́ми** нужедаго бараб иш буго; **то и ~о** гIемер, даимго, цIакъ ризго; **на ~е** хIакъикъаталда; **не у де́л** хъулухъалда (хIалтIуда) гьечIо; **~о в шля´ пе** цIакъ лъикI гьабун буго, хIадурун буго; **в чем ~о?** сунда бан бугеб?; щиб ккараб? **~о не те́рпит** заман гьечIо; **я не жела́ю име́ть с ва́ми ~а** нужергун дир иш гьечIо; **~о ма́стера бои´ тся** *погов.* лъикIав устарасукьа хIалтIи хIинкъулеб (устарасукьа хIалтIи къолеб)

ДЕЛОВИ´ ТОСТЬ *ж* хIалтIи лъай, хIалтIун бажари

ДЕЛОВи́ТЫЙ, -ая, -ое хIалтIи лъалев, хIалтIун бажарулев, хIалбихьи бугев; **~ рабо́тник** хIалбихьи бугев хIалтIухъан

ДЕЛОВ//О́Й, -а́я, -о́е 1) (*связанный с работой, делом и т. п.*) хъулухъалда, ишалда хурхараб; **~о́й разгово́р** ишалда, хIалтIуда хурхараб гара-чIвари; **~о́е письмо́** ишалъулаб, хъулухъалъулаб кагъат 2) (*опытный в делах*) ишазулъ хIалбихьи бугев; **~о́й челове́к** ишалъулъ хIалбихьи бугев чи; **~ы´е лю´ди** хIалтIи, иш бажарулел чагIи 3) (*пригодный для обработки*) хIалтIуе ярагъунеб, хIалтIуе бегьулеб; **~а́я древеси´на** (хIалтIуе) хIалтIизабизе бегьулеб цIул

ДЕЛОПРОИЗВОДИ́ТЕЛЬ *м* делопроизводитель (*канцелярияльул, учрежденияльул иш гьабулев чи*)

ДЕЛОПРОИЗВО́ДСТВО *с* делопроизводство (*канцелярияльул, учреждениялъул ишал тIурай*)

ДЕ́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*деловой*) хIалтIун бажарулев; кьучIав; **~ый рабо́тник** хIалтIун бажарулев, лъикI иш лъалев хIал-тIухъан 2) (*существенный, полезный*) кIвар бугеб, къваригIунеб, пайдаяб; **~ая мысль** кIвар бугеб пикру; **~ое предложе́ние** пайдаяб, къваригIараб цебе лъураб суал

ДЕ́ЛЬТА *ж* дельта (гIурул рикьалаби ратIалъулеб бакI)

ДЕЛЬТАПЛА́Н *м* дельтаплан

ДЕЛЬФИ́Н *м* 1) *зоол.* дельфин 2) *спорт.* (*стиль плавания*) лъим ххалеб къагIида (дельфин гIадин лъедей)

ДЕ́ЛЬЦЕ *с уменьш. от* **де́ло** гьитIинабго иш

ДЕЛЯ´ ГА *м разг.* лъикIав хIалтIухъан, хIалтIизе бокьулев чи; *неодобр.* базарган

ДЕЛЯ´ НКА *ж* ракьул бикьун щвараб бутIа; хIалтIизе бикьун кьураб кесек; рохьил къотIизе батIа гьабураб бакI

ДЕЛЯ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое гъваридго, ургъун гьабичIеб, хххалиего гьабулеб; **~ подхо́д к делу** хIалтIудехун хххалилаб бербалагьи

ДЕЛЯ´ ЧЕСТВО *с* гIиси-бикъинал ишазде машгъуллъи

ДЕМАГО́Г *м* демагог, демагогиячи

ДАМАГОГИЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое демагогияб; **~ий разгово́р** демагогияб хабар

ДЕМАГО́ГИЯ *ж* демагогия (*жиндир напсияб ва нахIсаб мурадалде щвезелъун, лъай гьечIел гIадамазул пикруялъе асар гьабун, иш гьаби ва кIалъай*)

ДЕМАРКАЦИО́НН//ЫЙ, -ая, -ое: **~ая ли´ния** а) *воен.* заманаялъе чIезабураб гIурхъи (*масала, заманаялъе рекъел гьабураб мехалъ чIезабураб*); б) *перен. кинаб бугониги* кIиго лъугьа-бахъиналда гьоркьоб бугеб чIванкъотIараб гIурхъи

ДЕМАРКА́ЦИЯ *ж* гIурхъи чIезаби

ДЕМА́РШ *м дип.* демарш (*цо хIукуматалъ, жиндирго вакил гьоркьов ккун, цоги хIукуматалдехун гьабулеб хитIаб, тIалаб*)

ДЕМАСКИ´ РОВАТЬ *сов. и несов. кого-что воен.* бахчун чIезабун букIараб аскар тохлъукье тушманасда тIаде багъаризабизе; тохлъукье тIаде гъезе

ДЕМИЛИТАРИЗА́ЦИЯ *ж* демилитаризация (*рагъулаб промышленность, рагъулал щулалъаби гьари гьукъи*)

ДЕМИЛИТАРИЗОВА́ТЬ *сов. и несов. кого-что* демилитаризация гьабизе (*рагъулаб промышленность, щулалъаби гьари гьукъизе*)

ДЕМИСЕЗО́НН//ЫЙ, -ая, -ое: **~ая оде́жда** ихдалги хасалихъеги ретIине бегьулеб ретIел

ДЕМОБИЛИЗА́ЦИЯ *ж* 1. рагъулаб хъулухъалдаса гIодор тей 2. рагъуе хIалтIулел рукIарал заводал халкъияб магъишаталъе хIалтIизари

ДЕМОБИЛИЗО́ВАННЫЙ, -ая, -ое 1) аскаралдаса нахъе виччарав 2) *в знач. сущ.* **демобилизо́ванный** эркенав (*рагъул хъулухъалдаса*)

ДЕМОБИЛИЗОВА́ТЬ *сов. и несов. кого-что* аскарияб хъулухъалдаса эркен гьавун, нахъе витIизе

ДЕМОБИЛИЗОВА́ТЬСЯ *сов. и несов.* аскарияб хъулухъалдаса нахъе ине

ДЕМОГРА́ФИЯ *ж* демография (*халкъалъул состав, гьезул хъвади лъазабулеб статистикаялъул бутIа*)

ДЕМОКРА́Т *м* демократ (*демократиялъул рахъ ккурав чи*)

ДЕМОКРАТИЗА́ЦИЯ *ж* демократияб кьучIалда цIидасан гIуцIи, демократлъизаби, демократияблъун гьаби

ДЕМОКРАТИЗи́РОВАТЬ *сов. и несов.* демократияблъун гьабизе, демократияб кьучIалда цIидасан гIуцIизе

ДЕМОКРАТИЗи́РОВАТЬСЯ *сов. и несов.* демократияб-лъун лъугьине

ДЕМОКРАТи́ЗМ *м* демократизм (демократиялъул нухалда чIей)

ДЕМОКРАТИ´ ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое демократияб; **~ая респу́блика** демократияб республика; **~ий строй** демократияб гIуцIи

ДЕМОКРАТИ´ ЧНЫЙ, -ая, -ое *см.* **демократи´ ческий**

ДЕМОКРА́ТИЯ *ж* демократия (1 *хIукуматалъул ишал халкъалъ гьари;* 2 *гьединаб хIукумат бугеб пачалихъ;* 3 *халкъа-лъул цIикIкIарасеб бутIаялъул ихтиярал цIунулеб гIуцIи*)

ДЕ́МОН *м миф.* гIиприт, илбис

ДЕМОНСТРА́НТ *м* демонстрант (*демонстрациялда гьоркьоб гIахьаллъи гьабулев чи*)

ДЕМОНСТРАТи́ВНЫЙ, -ая, -ое 1) жиндирго разилъи гьечIолъи бихьизабулеб *(сунде бугониги);* тIатараб, лъазабизелъун гьабураб; 2) *(наглядный)* бихьизабун гьабулеб; **~ ме́тод учéния** бихьизабун гьабулеб цIалиялъул къагIида

ДЕМОНСТРА́ЦИЯ *ж* 1) демонстрация (*политикиял тIалабалгун халкъ къватIибе бахъин*); 2) (*показ*) бихьизаби; **~ кинофи´ -льма** кинофильм бихьизаби

ДЕМОНСТРи́РОВАТЬ *сов. и несов.* 1) демонстрация гIуцIизе, гьабизе 2) *кого-что* (*показать*) бихьизабизе; **~ но́вый кинофи´ льм** цIияб кинофильм бихьизабизе

ДЕМОНТА́Ж *м* би´ххи (бутIабазде); би´кьи

ДЕМОНТи́РОВАТЬ *сов. и несов. что* биххизе, бутIаби гьаризе

ДЕМОРАЛИЗА́ЦИЯ *ж* гIамал-хасият хвей; рекIел хIал гIодобчIвай; гIадлу-низам гIодобе ккей, биххи

ДЕМОРАЛИЗОВА́ТЬ *сов. и несов кого-что* гIамал-хасият хвезабизе, гIадлу-низам биххизабизе

ДЕ́МПИНГ *м эк.* демпинг (*къватIисеб улкаялдеги босун, къайи учузго бичи*)

ДЕНАТУРА́Т *м* денатурат (*гьекъезе бегьунгутIизе гъорлъе загьру жубараб спирт*)

ДЕНАЦИОНАЛИЗА́ЦИЯ *ж* миллиял хаслъаби лъугIи

ДЕНАЦИОНАЛИЗИ́РОВАТЬ *сов. и несов.* что миллиял хаслъаби лъугIизаризе

ДЕНДРА́РИЙ *м* дендрарий (*ботаникияб ах*)

ДЕ́НЕЖНО-ВЕЩЕВ//О́Й, -ая, -ое гIарцулгун къайиялъул(аб); **~ая лотере́я** гIарцулгун къайиялъул(аб) лоторея

ДЕ́НЕЖН//ЫЙ, -ая, -ое гIарцул(аб), гIарцуда хурхараб; **~ая рефо́рма** гIарцул реформа; **~ое обраще́ние** гIарац хIалтIизаби; **~ый перево́д** гIарцул перевод *(битIи)* 2) *разг.* (*богатый*) гIарац бугеб, бечедаб; **~ый челове́к** гIемер гIарац бугев чи ◊ **он настоя́-щий ~ый меш**о́к дов цIакъ бечедав чи вуго (гьев гIарцуроц вуго)

ДЕННИ́ К *м спец. чуязул бокьоб* цо чое гьабураб къотIел

ДЕ́ННО *нареч.*: **~ и но́щно** *разг.* къадги къасиги, даимго, нахъаса къотIичIого

ДЕНОНСИ́РОВАНИЕ *с*: **~ до́гово́ра** *дип.* къотIи тIокIалъ хIалтIуларилан, хIакъикъияб гурилан лъазаби

ДЕНОНСИ́РОВАТЬ *сов. и несов. что дип.*: гуч лъугIараблъун рикIкIине (*къотIиялъул*), гьеб лъазабизе

ДЕНТА́ЛЬН//ЫЙ *лингв.* денталияб, цабзазул(аб); **~ый звук** цабзазул гьаракь

ДЕ́НУ(СЬ), де́нешься *и т. д. буд. от* **де́ть(ся)**

ДЕНЩИ́К *м уст.* денщик (*офицерасе хъулухъаълъе тарав солдат*)

ДЕНЬ *м* 1) къо: **со́лнечный ~** бакъул(аб) къо; **па́смурный ~** кьерханкъо; **после́дние дни ле́та** риидалил ахирисел кьоял; **я прочита́л кни́гу в два дня** дица тIехь кIиго кьоялда жаниб цIалун бахъинабуна; **целый ~** къо-бакъинегIан, тIубараб кьоялъ; **рабо́чий ~** хIалтIул къо; **сего́дняшний ~** жакъасеб къо; **~ рожде́ния** гьавураб къо; **в оди́н прекра́сный ~** цо пуланаб (гьайбатаб) кьоялъ; **~ за днем** кьойил; **~ о́то дня ему́ стано́вится лу́чше** кьойидаса кьойиде гьесие лъикI кколеб буго, гьесул мадар лъугьунеб буго; **до́брый ~!** къо лъикIаб батаги!; **оста́лись счи́танные дни** дагьал кьоял хутIана; **средь бе́ла дня** гIадада къад; **со дня на́ ~ :** а) (*откладывать*) къойидаса кьойиде нахъ-бахъизе б) (*в ближайшее время*) гIагараб заманалда (*кватIи-чIого*); **на днях:** а) (*недавно*) дагьаб цебе б) (*скоро*) кватIичIого; **тре́тьего дня** церекъад

ДЕ́НЬГ//И *мн.* гIарац; **ме́лкие ~и** гIисинаб гIарац; **бума́жные ~** кагъатгIарац ◊ **бе́шеные ~и** бигьаго щвараб гIемер(аб) гIарац; **быть при ~ах** гIарац букIине; **у него́ де́нег ку́ры не клюю́т** досул цIакъ гIемер гIарац буго; **ни за каки́е ~и** кигIан гIемерабги гIарцухъги (*кьеларо*)

ДЕПАРТА́МЕНТ *м* департамент (*цо-цо хIукуматазул министерствоялъул цо отдел, бутIа*); **госуда́рственный ~** пачалихъа-лъул(аб) департамент; Францялда — административияб округ

ДЕПЕ́ША *ж* депеша (1 *уст. телеграмма;* 2 *хех гьабун кьолеб дипломатазул(аб) лъазаби*)

ДЕПО́ *с нескл.* депо (*маххул нухазда электровозал, тепловозал ва вагонал чIолеб бак1)*; **трамва́йное ~** трамваязул депо

ДЕПОЗИ́Т *м фин.* депозит (*банкалде хасал шартIазда цIунизе кьолеб гIарац ялъуни къиматал кагътал*)

ДЕПРЕ́ССИЯ *ж* 1) *мед.* ракI гIодобчIвай; 2) *эк.* яшав, магIишат чIун хутIи

ДЕПУТА́Т *м* депутат; **~ наро́дного собра́ния** халкъияб собраниялъул депутат

ДЕПУТА́ТКА *ж разг.* депутат (депутатка)

ДЕПУТА́ТСК//ИЙ, -ая, -ое депутатасул; **~ое удостовере́ние** депутатасул удостоверение

ДЕПУТА́ЦИЯ *ж* вакилзаби *(цо коллективалдасан)*

ДЕ́РВИШ *м* дарбиш, дарвиш

ДЁРГАТЬ *несов.* 1) *кого-что* (*тянуть*) туркIун цIазе; **~ за рука́в** кьвал туркIун цIазе 2) *что* (*удалять*) бахъизе; **~ зуб** гIус бахъизе 3) *чем* тIуркIизабизе; **~ бро́вью** кьенсер тIуркIизабизе 4) *кого перен.* (*беспокоить*) рахIаталда тунгутIизе 5) *безл.*: **у меня́ дёргает па́лец** дир килищ тIеркIолеб буго

ДЁРГА//ТЬСЯ *несов.* тIеркIезе, тIуртIудизе; **~ться всем те́лом** къаркъалаго тIеркIезе; **у него́ ~ется глаз** досул бер тIеркIолеб буго

ДЕРГА́Ч[1] *м зоол.* щвантI

ДЕРГА́Ч[2] *м* (*инструмент*) магIал рахъулеб квартIа

ДЕРЕВЕНЕ́//ТЬ *несов.* (*неметь, утрачивать чувствительность*) кьвакIизе, собозе, цIулгIазе, тIилгIазе; **от моро́за у меня́ но́ги совсе́м ~ют** квачалъ дир хIатIал тIубанго тIилгIалел руго

ДЕРЕВЕ́НСК//ИЙ, -ая, -ое росдал(аб); **~ая жизнь** росдал(аб) гIумру

ДЕРЕ́ВН//Я *ж* росу; **жить в ~е** росулъ гIумру гьабизе

ДЕ́РЕВ//О *с* 1) гъветI; **фрукто́вое ~** пихъил гъветI 2) (*материал*) цIул; **стул из кра́сного ~а** багIарцIулал бакI

ДЕРЕВООБДЕ́ЛОЧНЫЙ, -ая, -ое цIулал къайи гьабулеб

ДЕРЕВООБРАБА́ТЫВАЮЩ//ИЙ, -ая, -ее цIулада тIад хIалтIи гьабулеб; **~ее предприя́тие** цIулада тIад хIалтIи гьабулеб предприятие

ДЕРЕВУ́ШКА *ж уменьш. от* **дере́вня**

ДЕ́РЕВЦЕ, деревцо́ *с уменьш. от* **де́рево**

ДЕРЕВЯ́НН/ЫЙ, -ая, -ое *прям., перен.* цIулал гьабураб; **~ый дом** цIулал рукъ; **~ое лицо́** асар гьабулареб, гIунараб гьумер ◊ **~ое ма́сло** зайтуналъул нахул хашаб сорт

ДЕРЕВЯ́ШКА *ж* 1) (*кусочек дерева*) цIулал кесек 2) *разг.* (*деревянная нога*) цIулабох

ДЕРЖА́В//А *ж* улка, пачалихъ; **Российская ~а** Россиялъул пачалихъ; **вели́кие ~ы** кIудиял пачалихъал

ДЕРЖА́ТЕЛЬ *м* 1) (*владелец*) бетIергьан (*къиматал кагътазул*) 2) (*приспособление*) *щибниги* квезе *ва гь. ц.* бугеб алат, квегIенлъи;**~ для бума́г** кагъат кколеб жо

ДЕРЖА́ТЬ *несов.* 1) *кого-что* кквезе, ккун чIезабизе; **~ ребёнка за́ руку** лъимадул квер кквезе

ДЕРЖА́ТЬСЯ *несов.* 1) *за кого-что* ккун чIезе, **~ за́ руку** квер ккун чIезе 2) *на чём-л.* (*быть укрепленным*) бан, ккун бу-кIине; **пу́говица де́ржиться на одной ни́тке** маргъал цо куналда бан чIун буго 3) *перен.* (*вести себя*) *кинаб бугониги* хIалалда букIине; **он де́ржиться о́чень уве́ренно** дов цIакъ ракI чIараб хIалалда вуго 4) (*не сдаваться*) къуркьичIого чIезе; **кре́пость де́ржиться** хъала къуркьичIого чIун буго 5) (*сохраняться*) цIунун хутIизе, хвечIого букIине; **ве́тхий дом ещё де́ржиться** басрияб мина цIунун хутIун буго 6) *разг.* (*крепиться*) кьвакIун чIезе; **держи́сь!** кьвакIун чIа! 7) *чего-л.* (*придерживаться*) *цо рахъ* ккун чIезе; **~ пра́вой стороны́** кваранаб рахъ ккун чIезе ◊ **~ пря́мо** витIун чIезе; **е́ле ~ на нога́х** хIалица вахъун (бохдузда) чIезе; **~ вме́сте** цадахъ чIезе цадахъ рукIине

ДЕРЗА́НИЕ *с* (*по гл.* **дерза́ть**) бер къачIого *сунденигu* тIаделъи; кутакаб жигар-къасд букIин

ДЕРЗА́ТЬ *несов.* 1) цIияб, лъикIаб *щибниги* жо гьабизе, бер къачIого тIаделъизе; цIияб, лъикIаб гьабизе кIудияб къасд бу-кIине 2) бахIарчилъи, бихьинчилъи гIезе

ДЕРЗИ́ТЬ *несов. разг.* адаб тун хъачIго кIалъазе; **~ ста́ршим** цIикIкIаразда данде адаб тун хъачIго кIалъазе

ДЕ́РЗКИЙ, -ая, -ое 1) (*наглый*) нич тIагIараб, нич гьечIеб; **~ отве́т** хъачIаб жаваб 2) *высок.* (*смелый*) хIинкъи-къай лъаларе, бер къачIого гьабулеб

ДЕРЗНОВЕ́НИЕ *с см.* **дерза́ние**

ДЕРЗНОВЕ́ННЫЙ -ая, -ое *см.* **де́рзкий** 2)

ДЕРЗНУ́ТЬ *сов. см.* **дерза́ть**

ДЕ́РЗОСТЬ *ж* 1) (*наглость*) нич гьечIолъи 2) (*смелость*) хIинкъи гьечIолъи, беркъангутIи

ДЕРМАТО́ЛОГ *м* дерматолог (тIомол унтабазул тохтур)

ДЕРМАТОЛО́ГИЯ *ж* тIомол унтаби, гьел сах гьарулеб куц лъазабулеб медицинаялъул бутIа

ДЁРН *м* 1) гIуру 2) гIери (*къотIун нахъе босараб гIуруялъул гъат*)

ДЕРНИ́СТ//ЫЙ, -ая, -ое харил кьалбал гIемераб, гIуру бугеб; **~ая земля́** харил кьалбал гIемераб ракь

ДЁРНУ//ТЬ сов. 1) *однокр.* к **дёргать** 2) (*резко тронуться*) циндаго туркIун цере ине; **ло́шади ~ли** чуял циндаго туркIун

цере ана ◊ **черт ~л меня́ за язы́к** гIадада, бакI гуреб бакIалда абун борчIана

ДЕРУ́(СЬ), дерёшь(ся) *и т. д. наст. от* **дра́ть(ся)**

ДЕРЮ́ГА *ж* 1) (*холст*) хъачIаб ххам 2) *перен. разг.* хъачIаб ххамил гьабураб ретIел 3) цIаха

ДЕСА́НТ *м воен.* десант (*тушманасда нахъе рехараб аскаралъул къукъа*)

ДЕСА́НТНИК *м* десантник

ДЕСА́НТН//ЫЙ, -ая, -ое *воен.* десантазул(аб); **~ые войска́** десантазулаб аскар

ДЕСЕ́РТ *м* кванан хадуб кьолеб гьуинлъи, пихъ, кIал гьуинлъизе жо

ДЕСЕ́РТН//ЫЙ, -ая, -ое: **десе́ртное вино́** гьуинаб цIолбол чагъир ◊ **~ая ло́жка** гьоркьохъеб балухъ (*чайдул балухъалдаса кIудияб*)

ДЁСН//Ы *мн.* (*ед.* **десна́**) даби

ДЕ́СПОТ *м* 1) гIурхъи гьечIел ихтиярал ругев улкаялъул бетIер (*НекIсияб Бакъбаккуда лагъзадерилаб монархиялда*) 2) зулмучи, залим (*цогидазул мурадал, ихтиярал сан гьаруларев чи*), бокьа-бокьараб гьабулев чи

ДЕСПОТИ́ЗМ *м* гIурхъи чIвачIеб власть, бокьанщинаб гьаби, зулмучилъи

ДЕСЯТИКЛА́ССНИК *м* анцIабилеб классалъул цIалдохъан

ДЕСЯТИКЛА́ССНИЦА *ж* **анцIабилеб классалъул цIалдохъан**

ДЕСЯТИКРА́ТНЫЙ, -ая, -ое анцIго нухалъ цIикIкIинабураб, анцIул гьабураб; **в ~ом разме́ре** анцIго нухалъ цIикIкIинабураб къадаралда; **~ чемпио́н** анцIул чемпион, анцIго нухалъ чемпионлъун вахъарав

ДЕСЯТИЛЕ́ТИЕ *с* 1) (*срок*) анцIго сон 2) (*годовщина*) анцIго сон тIубай

ДЕСЯТИЛЕ́ТК//А *ж* (*школа*): **ко́нчить ~у** анцIгосонилаб школа лъугIизабизе

ДЕСЯТИЛЕ́ТН//ИЙ, -яя, -ее 1) (*о сроке*) анцIго соналъул; **~ее обуче́ние** анцIго соналъул цIали (анцIго соналъ ругьун гьари) 2) (*о возрасте*) анцIго сон бараб; **~ий ма́льчик** анцIго сон барав вас

ДЕСЯТИМЕ́СЯЧН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*о сроке*) анцIго моцIрол(аб); **~ые ку́рсы** анцIго моцIрол курсал 2) (*о возрасте*) анцIго моцI бараб; **~ый ребёнок** анцIго моцI бараб лъимер

ДЕСЯТИТЫ́СЯЧНЫЙ, -ая, -ое анцIазарабилеб

ДЕСЯТИУГО́ЛЬНИК *м мат.* анцIбок1он (анцIго бокIон бугеб фигура)

ДЕСЯТИУГО́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое анцIго бок1он бугеб

ДЕСЯТИЧН//ЫЙ, -ая, -ое: **~ые весы́** гирабазул цIайи анцIилъ кьабизе кколел цIадираби; **~ые дро́би** *мат.* анцIилал дробал; **~ая систе́ма мер** роцабазул анцIил хIисабалъулаб система

ДЕСЯ́ТКА *ж* 1) (*цифра*) анцIилаб 2) (*карта*) анцIилаб (*хIалеб кагъат*) 3) *разг.* (*деньги*) анцIго гъурущ, тумен

ДЕСЯ́ТНИК *м* десятник (*анцIил бетIер, ралел бакIазда – хIалтIухъабазул кIудияв*)

ДЕСЯ́Т//ЫЙ, -ая, -ое **1.** *числ.* анцIабилеб; **~ый киломе́тр** анцIабилеб километр; **~ое а́вгуста** анцIабилеб август **2.** *в знач. сущ.* **~ая** анцIил бутIа; **одна́ ~ая** анцIил цо бутIа

ДЕ́СЯТЬ *числ.* анцIго; **~ челове́к** анцIго чи

ДЕ́СЯТЬЮ *нар.* анцIул; **~ де́сять – сто** анцIул анцIго – нусго

ДЕТАЛИЗА́ЦИЯ *ж* ргIа-ракьан бахъун мухIканлъизаби

ДЕТАЛИЗИ́РОВАТЬ *сов. и несов. что* ргIа-ракьан бахъун мухIканлъизабизе; **~ план** ргIа-ракьан бахъун план мухIканлъизабизе

ДЕТА́ЛЬНО *нареч.* мухIканго, щибго гьоркьоб биччачIого

ДЕТВОРА́ *ж собир. разг.* гIисинлъимал

ДЕТДО́М *м* (детский дом) детдом (лъималазул рукъ)

ДЕТЕКТИВ *м* 1) (*сыщик*) полициялъул балъгояв агент 2) (*произведение*) детектив (*полициялъул балъгоял агентазул хIакъалъулъ хъвараб литературияб асар, кинофильм*)

ДЕТЁНЫШ тIинчI (*хIайваналъул*)

ДЕ́ТИ *мн.* лъимал; **мои́ ~** дир лъимал

ДЕТИ́НА *м разг.* кIудияб черхалъул къуватав гIолохъанчи

ДЕТИ́ШКИ *мн.* лъимал

ДЕТИ́ЩЕ *с* 1) *уст.* лъимер 2) *перен.* (*создание*) жиндирго захI-маталдалъун гьабураб жо ◊ **мертворожде́нное ~** гьабун бажаруларе6, гIумруялде бахъинабун бажаруларе6 жо

ДЕТОРОЖДЕ́НИЕ *с* лъимал гьари

ДЕТОУБИЙСТВО *с* лъимер чIвай

ДЕТОУБИ́ЙЦА *м, ж* лъимер чIварав чи (лъимер чIварай гIадан)

ДЕТСА́Д *м* (детский сад) детсад (лъималазул ах)

ДЕ́ТСКАЯ *ж* лъималазе рукъ

ДЕ́ТСТВО *с* лъимерлъи, лъимераб гIуж, гьитIинаб мех ◊ **впасть в ~о** гIакълу дагьлъизе, бетIер сверизе

ДЕ-ФА́КТО *нареч.* хIакъикъаталда

ДЕФЕ́КТ *м* гIунгутIи, гъая

ДЕФИ́С *м* дефис (*гьитIинаб хIучч* -)

ДЕФИЦИ́Т *м* дефицит (1 *тIаде бичIиналдаса тIаса ин цIикIкIин;* 2 *къанагIалъи, гIунгутIи*)

ДЕФОРМА́ЦИЯ *ж* форма хиси

ДЕФОРМИ́РОВАТЬ *сов. и несов.* форма хисизабизе

ДЕФОРМИ́РОВАТЬСЯ *сов. и несов.* форма хисизе

ДЕЦИМЕ́ТР *м* дециметр (10 см)

ДЕШЕВЕ́ТЬ *несов.* учузлъизе

ДЕШЕВИЗНА *ж* учузлъи

ДЕШЁВКА *ж разг.* 1. гIодобегIанаб багъа (*цIакъго багьа гIодобегIанал жалазул хIакъалъулъ*) 2. *пренебр. магъакь* (*о безвкусном, незначительном*) магъакъ

ДЁШЕВО *нареч.* 1) учуз(го); **~ купи́ть** учузго босизе 2) *перен.* (*легко*) бигьаго; **он ~ отде́лался** дов бигьаго ворчIана ◊ **~ серди́то** бигьаго щолеб ва сундуего данде кколареб жоялъул хIакъалъулъ

ДЕШЁВЫЙ, -ая, -ое учузаб

ДЕ-Ю́РЕ *нареч.* законияб куцалда

ДЖЕЙРА́Н *м* жайран

ДЖЕ́МПЕР *м* жемпер (хьухьараб кофта)

ДЖЕГИ́Т *м* лебалав чотIахъан

ДЖЕГИТО́ВКА *ж* чотIагьунарал

ДЖИ́ННЫ *мн. мифол.* (*ед.* **джинн** *м*) жундул

ДИАЛЕ́КТ *м* диалект, мацIалъул сверел, лугьат

ДИАЛЕКТИ́ЗМ *м лингв.* диалектизм (*мацIалъул сверелалдаса литературияб мацIалде бачIараб рагIи, калам*)

ДИАЛЕКТО́ЛОГ *м* диалектолог, мацIалъул сверелазул специалист

ДИАЛЕКТОЛО́ГИЯ *ж* диалектология, мацIалъул сверелал лъазарулеб гIелму

ДИАЛО́Г *м* диалог (кIигосда гьоркьоб кIалъай)

ДИАФРА́ГМА *ж* 1) *анат.* турутрукъ 2) *физ.* диафрагма

ДИВА́Н[1] *м* (*мебель*) диван

ДИВА́Н[2] *м* диван (1 *цебесеб Турциялда султанасул тIадегIанал чиналъул хъулухъчагIазул Совет;* 2 *востоколда* (*бакъбаккул улкабазда*) *лирикиял* (*рокьул*) *кучIдузул мажмугI* (*сборник*)

ДИВА́Н-КРОВА́ТЬ *м* диван-кровать

ДИВЕРСА́НТ *м* диверсант (диверсиял гьарулев чи)

ДИВЕ́РСИЯ *ж* данде рагъулезул тылалда рагъулал, гражданиял кIваралъул объектал кьвагьизари, риххизари

ДИВИДЕ́НД *м экон.* предприятиялда (фабрик-заводалда…) лъураб гIарцул процентазда рекъон гIахьалчагIазе щолеб хайир (прибыль)

ДИВИЗИО́Н *м* 1) *воен.* ракетазул, артиллериялъул аскаразул рикьиялъул цояб 2) *мор* чанго цого классалъул рагъулал гумузул соединение (цолъи)

ДИВИ́ЗИЯ *ж* дивизия (*чанго полкалдасан яги бригадаялдасан данде гьабураб кIудияб аскарияб гIуцIи*)

ДИВИ́ТЬСЯ *несов. кому-чему разг.* тамашалъизе, гIажаиблъизе, виххун хутIизе

ДИ́ВН//ЫЙ, -ая, -ое 1) гIажаибаб, тамашояб; **~ое происше́ствие** гIажаибаб, тамашояб лъугьа-бахъин 2) (*прекрасный*) гIажаибго берцинаб, гьайбатаб, лъикIаб; **~ый го́лос** гьайбатаб гьаракь

ДИ´ В//О *с разг.* гIажаибаб, тамашояб жо, тамашалъи; **~, что он оста́лся жив** тамашояб жо (буго) дов чIаго хутIи ◊ **что за ~?** гьабго щиб гIаламат? **~у дава́ться** кутакалда тамашалъизе

ДИГО́РЦЫ *мн.* (*жители Алании*) дигорал

ДИДА́КТИКА *ж* дидактика (*цIализариялъул гIаммал методазул бицунеб педагогикаялъул бутIа*)

ДИДАКТИ́ ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое дидактикияб, дидактикаялда хурхараб, насихIатаб, малъиялъул; **~ая по́весть** насихIатаб къиса

ДИЕ́З *м муз.* диез (*нотабазул ишара*)

ДИЕ́Т//А *ж* диета (*унтарасе данде кколеб кванил низам*)

ДИЕТИ́ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое диетикияб; **~ое пита́ние** диетикияб квен (*унтарасе данде кколеб квен*)

ДИ́ ЗЕЛЬ *м тех.* дизель (*соляркаялда хIалтIулеб мотор*)

ДИ́ ЗЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое дизелалъул(аб); **~ый дви́ гатель** дизелалъул двигатель (*соляркаялда хIалтIулеб мотор*)

ДИЗЕНТЕРИ́ ЙНЫЙ, -ая, -ое *мед.* дизентериялъул

ДИЗЕНТЕ́РИЯ *ж мед.* дизентерия, бидул риххел (*унти*)

ДИКА́РКА *ж* 1) (*первобытная женщина*) гIалхулай; вахIшияй чIужу-гIадан, гIалхул чIужу 2) (*невежественная женщина*) жагьилай чIужу-гIадан 3) *перен. разг.* тIуруза́й, цIакъ нечарай, гIадамазда гъоркь йосичIей гIадан

ДИКА́РЬ *м* 1) (*первобытный человек*) гIалхул чи 2) (*невежественный человек*) жагьилав чи 3) *перен. разг.* (*нелюдим*) тIурузав, цIакъ нечарав, гIадамазда гъорлъ восичIев чи 4) *разг.* дикарь (*путевкаги гьечIого курорталде вачIарав чи)*

ДИ́ К//ИЙ, -ая, -ое 1) (*не домашний, нецивилизованный*) вахIшияб, гIалхулаб; **~ая у́тка** гIалхул ордек; **~ие племена́** вахIшиял (гIалхулал) къавмал; **~ий челове́к** вахIшияв, гIалхул чи, гIалхулав 2) (*дикорастущий*) рохьил(аб); рохьоб бижулеб; **~ий виногра́д** (гIалхул) рохьил цIибил 3) *перен.* (*застенчивый, нелюдимый*) тIурузав, цIакъ нечарав; **~ий ребёнок** тIурузаб лъимер 4) *перен.* (*странный, нелепый*) тамашаяб, гIажаибаб, тохаб; **~ая мысль** гIадалаб пикру ◊ **~ое мя́ со** гIалхул чанил (гIалхул жоялъул) гьан

ДИКОБРА́З *м зоол.* дикобраз (*черхги рукIкIабазул цIураб гIужрукъ гIадаб рухIчаголъи*)

ДИКО́ВИН//А *ж разг.* тамашаяб, гIажаибаб, гIаламатаб жо; **что э́то за ~а ?** гьаб щиб гIажаибаб жо? ◊ **в ~у** тамашаго, гIажаибго; тIоцебесеб нухалъ

ДИКО́ВИНКА *ж см.* **дико́вина**

ДИКО́ВИННЫЙ, -ая, -ое гIажаибаб, тамашаяб, гIадатияб гуреб

ДИКОРАСТУ́ Щ//ИЙ, -ая, -ее гIалхуда бижулею; **~ие цветы́** гIалхуда рижулел тIугьдул

ДИ́КОСТЬ *ж* 1) гIалхуллъи; **лес порази́л меня́ свое́й ~ю** рохьалъул гIалхуллъиялъ дун гIажаиблъизе гьавуна 2) *перен.* (*застенчивость, нелюдимость*) тIурузлъи, цIакъ нечей 3) *перен.* (*нелепость*) гIадаллъи, тохлъи 4) *перен.* (*варварство*) вахIшилъи; **~ нра́вов** гIадатазул вахIшилъи

ДИКТА́НТ *м* диктант; **писа́ть ~** диктант хъвазе

ДИКТА́ТОР *м* диктатор (*пачалихъалъул гIурхъи гьечIеб ихтияр кодосев чи*)

ДИКТА́ТОРСКИЙ, -ая, -ое диктаторасул(аб)

ДИКТА́ТОРСТВО *с* диктаторлъи

ДИКТАТУ́ РА *ж* диктатура (1 *гIурхъи чIвачIеб тIалъи гьабулеб классалде мугъ чIвараб пачалихъалъулаб хIукумат;* 2 *диктаторасул квершел)* ◊ **~ пролетариа́та** пролетариаталъул диктатура

ДИКТОВА́ТЬ *несов. что в разн. знач.* абун хъвазабизе (*гIин тIамурас хъвазелъун, щибниги бищине, абизе, цIализе*); чIванкъотIун буюризе, бокьа-бокьараб гьабизе тIамизе; **~ текст** текст абун (цIалун) хъвазабизе; **~ свои́ усло́вия** жиндирго шартIал цере лъезе

ДИКТО́ВК//А *ж разг.* абун (цIалун) хъвазаби; **писа́ть под ~у** абун хъвазе ◊ **де́лать** *что-л. под чью-л.* **~у** лъица бугониги малъун, тIамун гьабизе

ДИ́КТОР *м* диктор (*радиоялъул, телевидениялъул микрофоналдасан кIалъалев чи*)

ДИ́КТОРСКИЙ, -ая, -ое дикторасул; **~ текст** дикторасул текст

ДИКТОФО́Н *м* диктофон (*бищараб калам хъвалеб аппарат*)

ДИ́ КЦИЯ *ж* дикция (*рагIаби абиялъул, гьаркьал рахъиялъул къагIида*)

ДИЛЕ́ММА *ж* дилемма (1 *бахIсалда, дагIба-къецалда дандеясе батIияб хIужжа бачине рес гьечIедухъ бицараб, я гьаб, я доб букIине кколеб кIиго хIужжа, далил;* 2 *кинаб тIаса бищулебали лъазе захIматаб кIиго хIукмуялъул цояб; цояб бищизе кколеб иш*)

ДИЛЕТА́НТ *м* дилетант (*хасаб хIадурлъиги гьечIого, гIелмуялъул ва искусствоялъул иш гьабулев чи*), тIаса-масагояб лъаялъул чи

ДИЛЕТА́НТКА *ж* дилетантка

ДИЛЕТА́НТСТВО *с* дилетантлъи

ДИЛИЖА́НС *м уст.* дилижанс (*некIо гIадамал рекIунеб ва поч баччулеб кIудияб чолгьоко)*

ДИ́НА *ж физ.* дина (*1 гр. массаялъе секундалда жаниб цо сантиметралъул хехлъи (ускорение) кьолеб къуват*)

ДИНАМИ́ ЗМ *м* багъа-бачари, иш гIемерлъи (*пьесаялда*)

ДИНА́МИК *м* (*радио*) динамик

ДИНА́МИК//А *ж* 1) *физ.* динамика (*механикаялъул цо бутIа*) 2) цебетIей, цебе билъгьин; **~а общественного разви́тия** обществоялъул цебетIеялъул ин 3) (*движение, развитие*) багъа-бачари, ишал гIемерлъи; **в пье́се мно́го ~и** пьесаялда гIемераб багъа-бачари, лъугьунел ишал руго

ДИНАМИ́Т *м* динамит (*кьвагьизабизе хIалтIизабулеб материал*)

ДИНАМИ́ ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое багъа-бачари, ишал гIемераб; жанисеб къуват букIин бихьизабулеб

ДИНАМИ́ ЧНОСТЬ *ж* багъа-бачари, ишал гIемерлъи, ишал рукIин

ДИНАМИ́ ЧНЫЙ, -ая, -ое *см.* **динами́ческий**

ДИНА́МО *с нескл.*: **~-маши́на** *ж* динамо-машина (*элекрикалъул ток лъугьинабулеб машина*)

ДИНАМО́МЕТР *м* динамометр (*механикияб къуват борцунеб алат*)

ДИНА́Р *м* динар (*Югославиялда, ГIиракъалда ва цо-цо цогидалги пачалихъазда гIарцул роцен)*;

ДИНА́СТИЯ *ж* 1) династия (*цебе-хадуб пачалихъ бачунеб наслу*) 2) *перен.* наслу; **рабо́чая ~** хIалтIухъабазул наслу

ДИНОЗА́ВР *м палеонт.* динозавр (*цебего дунялалдаса лъугIараб цIакъ кIудияб рухIчIаголъи*)

ДИПКО́РПУС *м* (*дипломатический корпус*) дипкорпус (*дипломатияб корпус*)

ДИПКУРЬЕ́Р *м* (*дипломатический курьер*) дипкурьер (*дипломатияв курьер*)

ДИПЛО́М *м в разн. знач.* диплом; **получи́ть ~ с отли́ чием** тIокIлъи бугеб (багIараб) диплом щвезе; **~ агроно́ма** агрономасул диплом; **~ кандида́та истори́ ческих нау́к** тарихиял гIелмабазул кандидатасул диплом

ДИПЛОМА́НТ *м* дипломант, дипломалъе мустахIикълъарав чи;

ДИПЛОМА́Т *м* дипломат (1 *къватIисел улкабазулгун гьоркьоблъи гьабулев пачалихъалъулав вакил;* 2 *перен. гIадамазулгун гьоркьоблъи цIодорго, сихIирго гьабизе лъалев чи*)

ДИПЛОМАТИ́ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое 1) дипломатияб; **~ий ко́рпус** дипломатияб корпус (*цо пачалихъалда батIиял пачали-хъазул тIадегIанал вакилзаби*); **~ое отноше́ние** дипломатияб гьоркьоблъи 2) *перен.* дипломатияб (*бажарараб, тирияб, сихIираб, цIодораб*); **~ий подхо́д** *к кому-л.* дипломатияб куцалда гьабулеб бербалагьи

ДИПЛОМА́ТИЧНО *нареч.* дипломатияб къагIидаялъ; **~ отве́тить** дипломатияб къагIидаялъ жаваб кьезе

ДИПЛОМАТИ́ЧНЫЙ, -ая, -ое дипломатияб; **~ отве́т** дипломатияб куцалда къураб жаваб

ДИПЛОМА́ТИЯ *ж* дипломатия (1**.** *пачалихъазда гьоркьосеб политика;* 2**.** *перен. ишалъул сихIирлъи, нахъгIунтIи, цIодорлъи*)

ДИПЛОМИ́РОВАННЫЙ, -ая, -ое диплом бугев; **~ специали́ст** диплом бугев махшелчи (специалист)

ДИПЛО́МНИК *м* дипломник (*дипломалъе хIалтIи хъвалев студент*)

ДИПЛО́МНИЦА *ж* дипломница

ДИПЛО́МН//ЫЙ, -ая, -ое дипломияб, дипломалъул(аб); **~ая рабо́та** дипломияб хIалтIи

ДИРЕКТИ́ В//А *ж* директива (*гIаммаб нухмалъиялъулаб буюрухъ*); **~ы съе́зда** съездалъул директиваби

ДИРЕКТИ́ВНЫЙ, -ая, -ое директивалъун кколеб; **~е указа́ния** директивиял рихьизариял

ДИРЕ́КТОР *м* директор (*предприятиялъул, учрежденияльул бетIер, начальник*)

ДИРЕ́КТОРСКИЙ, -ая, -ое директорасул(аб)

ДИРЕ́КЦИЯ *ж* дирекция (*учреждениялъул, предприятиялъул правление; тIадчагIи, бутIрул*)

ДИРИЖА́БЛЬ *м* дирижабль (*моторги пропеллералги ругеб гьаваялдаса тIадагьаб боржунеб аппарат*)

ДИРИЖЁР *м* дирижер (*оркестралъе, хоралъе, кьурдабазе нухмалъи, бетIерлъи гьабулев чи*)

ДИРИЖЁРСК//ИЙ, -ая, -ое дирижёрасул(аб); **~ая па́лочка** дирижёрасул тIил

ДИРИЖИ́РОВАТЬ *несов. чем и без доп.* дирижерлъи гьабизе, оркестралъе, хоралъе, кьурдабазе бетIерлъи гьабизе

ДИСГАРМОНИ́РОВАТЬ *несов. с чем и без доп.* 1) *муз.* гьаракь данде ккунгутIизе 2) *перен.* данде ккунгутIизе

ДИСГАРМО́НИЯ *ж* 1) *муз.* гьаракь дандеккунгутIи 2) *перен.* дандеккунгутIи

ДИСК *м* диск (1 *гургинаб, тIенараб къоно;* 2 *спорт. рехулеб къоно гIадаб алат;* 3 *ракьалдасан бихьулеб бакъул, моцIрол гор*)

ДИСКВАЛИФИКА́ЦИЯ *ж* махщалидаса махIрумлъи, хасаб махщалидаса махIрум гьави, ватIа гьави

ДИСКВАЛИФИЦИ́РОВАТЬ *сов. и несов. кого-что* махщалидаса махIрум гьавизе; **~ спортсме́на** спортсмен къецаздаса (*гIахьаллъи гьабиялдаса*) махIрум гьавизе

ДИСКВАЛИФИЦИ́РОВАТЬСЯ *сов. и несов.* махIрумлъизе

ДИ́СКОВ//ЫЙ, -ая, -ое гургинаб; **~ая пила́** диск бугеб, гургинаб хъухъадиро

ДИСКРЕДИТА́ЦИЯ *ж* къадру-къимат, хIурмат хвезаби, гIодобегIан гьаби

ДИСКРЕДИТИ́РОВАТЬ *сов. и несов. кого-что* рекъечIеб хьвада-чIвадиялъ къадру, божилъи, къимат, хIурмат хвезабизе

ДИСКРИМИНА́ЦИЯ *ж* дискриминация (*ихтияр бащад гьабунгутIи*)

ДИСКРИМИНИ́РОВАТЬ *сов. и несов. кого-что* дискриминация гьабизе *(ихтияр бащад гьабунгутIизе)*

ДИСКУССИО́ННЫЙ, -ая, -ое бахIсалъул, бахIсилаб; **~ый вопро́с** бахIсилаб суал; дагIба бугеб, гьоркьоб лъезе кколеб

ДИСКУССИ́РОВАТЬ *несов. см.* **дискути́ровать**

ДИСКУ́ССИЯ *ж* дагIба бугеб суал эркенаб гара-чIварилъе гьоркьоб лъей

ДИСКУТИ́РОВАТЬ *несов. что, о чем и без доп.* бахIс гьабизе

ДИСЛОКА́ЦИЯ *ж* 1) *воен.* дислокация (*улкаялда жанир аскарал чIараб къагIида*); 2) (*смещение*): **~ пласто́в земли́** (*геол.*) ракьул гьатал рахъ-рахъалдехун хъуштIи, рагъари; **~ косте́й** рорчIарал, рекарал рукьбуз бакI хиси (*мед.*)

ДИСЛОЦИ́РОВАТЬ *сов. и несов. кого-что* дислокация гьабизе; **~ войска́** аскарал хасал бакIазда чIезаризе (аскаразул дислокация гьабизе)

ДИСПАНСЕ́Р *м* диспансер (*унтабазе дару гьабулеб ва гьел рахиналде данде къеркьолеб медицинаялъул учреждение*)

ДИСПАНСЕРИЗА́ЦИЯ *ж* диспансеризация (*унтабазе дару гьабиялъул диспансеразул система*)

ДИСПЕ́ТЧЕР *м* диспетчер (*транспорталъул, предприятиязул хIалтIи, хьвади низамалда бачунев, тадбир гьабулев чи*)

ДИСПЕ́ТЧЕРСК//ИЙ, -ая, -ое 1) диспетчерасул(аб); **~ий пункт** диспетчеразул(аб) пункт 2) *в знач. сущ.* **~ая** *ж* диспетчерал хIалтIулеб бакI

ДИСПОЗИ́ЦИЯ *ж воен.* диспозиция (*боял, аскарал, рагъуе хIадурлъун, чIараб куц; рагъуе бакI ккун, чIараб къагIида*)

ДИСПРОПО́РЦИЯ *ж* пропорция гьечIолъи, роценал данде ккунгутIи

ДИ́СПУТ *м* диспут (*гьоркьор гIемерал чагIи гIахьаллъараб гIелмияб, литературияб бахIс*), бахIс

ДИСПУТИ́РОВАТЬ *сов. и несов.* диспут гьабизе, гIелмияб бахIс гьабизе

ДИССЕРТА́НТ *м* диссертациялъул автор

ДИССЕРТА́НТКА *ж* диссертациялъул автор

ДИССЕРТА́ЦИ//Я *ж* диссертация (*гIелмияб даража щвезелъун хъвалеб гIелмияб хIалтIи*); **до́кторская ~** докторасулаб диссертация

ДИССИМИЛЯ́ЦИЯ *ж* батIалъи; рагIулъ бугеб кIиго релълъараб гьаракьалъул цояб хиси

ДИССОНА́НС *м* 1) *муз.* музыкалиял гьаркьал цоцалъ рекъонгутIи 2) *перен.* гьоркьоб рикьи ккей; **внести́ ~ в рабо́ту** хIалтIулъ рикьи ккезабизе, хIалтIи хвезабизе

ДИССОНИ́РОВАТЬ *несов.* гьаркьал данде ккунгутIизе

ДИСТА́НЦИ//Я *ж* 1) (*расстояние*) манзил 2) дистанция (*жидее хъулухъ гьабизелъун нухал рикьарал участкабазул цояб*)

ДИСТИЛЛИ́РОВАТЬ *сов. и несов. что* хIухьладе буссинабун, бацIцIад гьабизе; **~ во́ду** лъим, хIухьладе буссинабун, бацIцIад гьабизе

ДИСТИЛЛЯ́ЦИЯ *ж* хIухьладе буссинабун бацIцIад гьаби

ДИСТРОФИ́Я *ж мед.* дистрофия *(унти)*

ДИСЦИПЛИ́НА[1] *ж* гIадлу-низам; **трудова́я ~** хIалтIул гIадлу-низам; **во́инская ~** аскаралъул (рагъухъабазул) гIадлу-низам; **желе́зная ~** къвакIараб, махх гIадаб гIадлу-низам

ДИСЦИПЛИ́Н//А[2] *ж* (*отрасль науки*) дисциплина (*гIелмуялъул жибго жиндаго чIараб цо бутIа*); **истори́ческие ~ы** тарихиял дисциплинаби; **гуманита́рные ~ы** гуманитариял дисциплинаби

ДИСЦИПЛИНА́РН//ЫЙ, -ая, -ое гIадлу чIезабизе, гIадлу-низам хвезабиялде данде гьабулеб, гIадлу цIунизелъун бугеб; **~ое взыска́ние** гIадлу-низамалъе гIоло гьабулеб тамихI

ДИСЦИПЛИНИ́РОВАННОСТЬ *ж* гIадлу-низам букIин

ДИСЦИПЛИНИ́РОВАННЫЙ, -ая, -ое гIадлу-низам бугев; **~ учени́к** гIадлу-низам бугев цIалдохъан

ДИСЦИПЛИНИ́РОВАТЬ *сов. и несов. кого-что* гIадлу-низам малъизе, гIадлу-низамалде рачине

ДИТЯ́ *с* 1) лъимер 2) *чего перен.* (*о наивном, неопытном человеке*) лъимер (гIадав чи); **~ приро́ды** тIабигIаталъул лъимер *(шагьаралъул культура хъвачIев, тIабигIаталде гIагарав чи)*

ДИФИРА́МБ *м* гIорхъолъа борчIараб рецц-бакъ

ДИФТЕРИ́ЙН//ЫЙ, -ая, -ое *мед.* дифтералъул(аб); **~ые па́лочки** дифтералъул(ал) палочкаби (*микробал*)

ДИФТЕРИ́Т *м разг. см.* **дифтери́я**

ДИФТЕРИ́ТНЫЙ, -ая, -ое *см.* **дифтери́йный**

ДИФТЕРИ́Я *ж мед.* щокърол унти, щекъер гьорой (*бахунеб унти*)

ДИФТО́НГ *м лингв.* дифтонг (*кIиго рагьараб гьаракь цо слогалде цолъи*)

ДИФФЕРЕНЦИА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое 1) *мат.* дифференциалияб; **~ая геоме́трия** дифференциалияб геометрия; **~ое исчисле́ние** дифференциалияб хIисаб гьаби 2) (*неодинаковый*) *шартIазде балагьун*, хисулеб; **~ый тариф** хисулеб багьа, тариф (*мухьалъул къадар)*

ДИФФЕРЕНЦИА́ЦИЯ *ж* дифференциация (*шартIазде балагьун, хиси; батIалъи*)

ДИФФЕРЕНЦИ́РОВАТЬ *сов. и несов. что рамIа* гьабизе (*цоцазулгун гIаммлъи гьечIел жал*); шартIазде балагьун, хисизабизе, батIалъизабизе

ДИФФУ́ЗИЯ *ж физ.* батIи-батIиял тайпабазул жал цоцалъ журай; **~ газо́в** газал цоцалъ журай

ДИФФУ́ЗНЫЙ, -ая, -ое *физ.* цоцада рекIараб, цоцалъ жубараб

ДИЧА́ТЬ *несов.* 1) (*становиться диким*) вахIшилъизе, вахIшияблъун, гIалхулаблъун лъугьине 2) *перен.* (*становиться нелюдимым*) тIурузлъизе, гIадамаздаса тIезе

ДИЧИ́ТЬСЯ *несов. кого-чего и без доп. разг.* нечезе, нахъе къазе; тIурузавлъун лъугьине, недегьлъунгутIизе; гьорлъ жувангутIизе; **~ люде́й** гIадамаздаса нечезе, нахъе кIанцIун чIезе

ДИЧО́К *м* 1) *бот.* пихъил бацIцIинчIеб бахIараб гъветI (*гIолохъанаб гIалхул гъветI, гагаялдасан лъугьараб*) 2) *перен. разг.* (*о ребенке*) нечараб, кIалъалареб, чияда аскIобе къалареб лъимер

ДИЧЬ *ж* 1) *собир.* (*дикие птицы*) гIалхул хIанчIи, гIалхул чан 2) (*мясо дикой птицы*) гIалхул хIанчIазул гьан 3) (*глухое место*) гIалхулаб бакI 4) *разг.* (*вздор*) гьадингояб чIана, чIандахабар

ДИЭЛЕ́КТРИК *м физ.* диэлектрик (*ток унареб, биччалареб материал)*

ДЛИН//А́ *ж* халалъи; **изме́рить двор в ~у́** азбар халалъухъе борцине; **~а́ пути́** нухлул халалъи; **~а у́лицы** къватIалъул халалъи; **меры ~ы́** халалъул роцаби

ДЛИННОВОЛНО́В//ЫЙ, -ая, -ое халатал волнабазул(аб); **~ая радиоста́нция** халатал волнабазул(аб) (карачелазул) радио-станция

ДЛИННОВОЛОКНИ́СТЫЙ, -ая, -ое симил халатаб

ДЛИННОВОЛО́СЫЙ, -ая, -ое рас халатаб (халатаб расалъул)

ДЛИННОГОЛО́ВЫЙ, -ая, -ое батIер халатаб (халатаб бетIералъул)

ДЛИННОНО́ГИЙ, -ая, -ое бохдул халатаб

ДЛИННОНО́СЫЙ, -ая, -ое мегIер халатаб

ДЛИННОПО́Л//ЫЙ, -ая, -ое квенчIел халат(аб); **~ая шу́ба** квенчIел халатаб тIимугъ

ДЛИННОРУ́КИЙ, -ая, -ое квер халатав

ДЛИННОХВО́СТЫЙ, -ая, -ое рачI халатаб

ДЛИННОШЁРСТНЫЙ, -ая, -ое, **длинношёрстый,** -ая, -ое квас халатаб

ДЛИ́ННЫЙ, -ая, -ое халатаб; **~ путь** халатаб нух ◊ **~ язы́к** гIемер чвархъолеб кIал; **~ рубль** бигьаго щолеб гIемераб гIарац

ДЛИ́ТЕЛЬНОСТЬ *ж* халат бахъин; **~ рабо́чего дня** хIалтIул къоялъул халат бахъин (халалъи)

ДЛИ́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое халат бахъараб; **~ая боле́знь** халат бахъараб унти; **~ое вре́мя** халат бахъараб заман

ДЛИ́//ТЬСЯ *несов. кигIаналиго* заманалъ букIине, халат бахъине; **урок ~лся два часа** дарс кIиго сагIаталъ халат бахъана

ДЛЯ *предлог с род. п.* (*указывает на назначение чего-л.*) -лъе, -зе, гIоло; **купи́ ть ку́клу ~ де́вочки** ясалъе ясикIо босизе; **вре́дно ~ детя́м** лъималазе зарараб буго; **ваго́н ~ куря́щих** хъалиян цIалезе (бугеб) вагон; **он прие́хал сюда́ ~ о́тдыха** дов гьаниве хIухьбахъиялъе гIоло вачIана; **всё ~ побе́ды** кинабго бергьенлъиялъе гIоло ◊ **не́ ~ чего** чIалгIаде, гIадада, гIилла гьечIого

ДНЕВА́ЛИТЬ *несов. воен. разг.* дежурналъи гьабизе

ДНЕВА́ЛЬНЫЙ *м воен.* дневальный *(мехелалъ рацIцIалъинизамалъул хал гьабизе тарав солдат*)**,** дежурный

ДНЕВА́ТЬ *несов.* къо тIамизе, къо реххизе; **~ и ночева́ть** *у кого-л.* (*где-л.*) *разг.* сордо-къо тIамизе *(киб бугониги)*

ДНЕВНИ́К *м* дневник (1**.** *хъвай-хъвагIаялъул книжка, дафтар; щибаб къойил хъвай-хъвагIай гьабулеб дафтар;* 2**.** *кьурал дарсал ва къиматал хъвалеб цIалдохъабазул тетрадь*)

ДНЕВНО́Й, -ая, -ое 1) кьад лъугьунеб (букIунеб); **~ спекта́кль** кьад букIунеб спектакль 2) (*за день*) къойил(аб); **~ за́работок** къойилаб, цо къоялъе щолеб хIалтIул мухь

ДНЁМ *нареч къад;* **сего́дня ~** жакъа кьад; **вчера́ ~** сон кьад

ДНИ́ ЩЕ *с см.* **дно** 2; **~ бо́чки** чирмакъолол тIину

ДНО́ *с* 1) тIину; **морско́е ~** ралъдал тIину; **идти́ ко дну́** тIинде ине 2) (*низ сосуда*) тIину; **~ буты́лки** шишаялъул тIину; **на дне́** тIинда 3) (*нижняя часть*) тIину; **~ я́мы** гвандил тIину; **~ овра́га** кIкIалал тIину 4) *перен.* (*среда опустившихся людей*) къадру хварал, иш лъугIарал чагIи ◊ **золо́тое ~** гIемер бечелъи кьолеб бакI; **вверх ~м** гIакса; **пить до дна́** къатIра течIого, гье-къезе, тах роходе гьабизе

ДНЮ́Ю, ДНЮ́ЕШЬ *и т. д. от* **дневáть**

ДНЯ, ДНЮ *и т. д., род., дат. п. от* **день**

ДО[1] *предлог с род. п.* 1) (*указывает предел*) -де, -хъе щвезегIан; **от Махачкалы́ до Хунза́ха** МахIачхъалаялдаса Хунзахъе щвезегIан; **мы пошли́ до моста́** ниж кьодухъе щвезегIан ана; **~ до́му** рокъове щвезегIан; **до сих пор** гьаб бакIалде щвезегIан; **от зимы́ до ле́та** хасалоялдаса риидалаялде (рии) щвезегIан; **до на́ших дней** нилъер къоязде щвезегIан; **до ве́чера** бакъаниде щвезегIан 2) (*раньше чего-л.*) -зегIан(го); **до револю́ции** революциялде щвезегIан; **до за́втрака мы пошли́ купа́ться** радал кваналалде ниж чвердезе ана 3) (*приблизительно, около*) -гIан, -де; **зал вмеща́ет до ста челове́к** залалъув нусгогIан чи гьуна; **моро́з дохо́дит до сорока́ гра́дусов** цIорой кIикъого градусалде бахуна 4) (*для указания степени чего-л.*) -де, -гIан; **крича́ть до хрипоты́** гьаракь кьинегIан ахIдезе; **на́чистить сапоги́ до бле́ска** чакмаби цIвакизегIан рацIцIине; **промо́кнуть до косте́й** цIаха гIадин вичизе 5) (*для указания предмета, на который направлено действие*) -да, -де(хун); **дотро́нуться до карти́ны** сураталда хъвазе; **у меня́ до тебя́ де́ло** дудехун иш буго дир ◊ **ему́ не до вас** нужеде регIун гьечIо дов; **мне нет де́ла до э́того** дир гьелдехун иш гьечIо, гьелде регIун гьечIо дун; **до чего́ интере́сная кни́га** кигIан интересаб тIехьха; **до свида́ния!** къо-мех лъикI! нахъе лъикI рихьаги!; **до за́втра** метерлъагIан

ДО[2] *с нескл. муз.* до (*нота*)

ДОБА́ВИТЬ *сов. что, чего* 1) дагьабги базе, кьезе, жубазе; **~ де́нег** дагьабги гIарац кьезе; **~ со́ли в суп** чурпаялда гъорлъе дагьабги цIан базе 2) тIаде жубазе; **к ска́занному могу́ ~** абуралда тIаде дагьабги жубазе кIола

ДОБА́ВКА *ж разг.* тIадежубай (*цебе кьуралда тIаде жубараб жо*)

ДОБАВЛЕ́НИ//Е *с* 1) (*по гл.* **доба́вить**) тIаде жубай, тIаде цIикIкIинаби 2) *(добавка*) тIадежубай, тIаде цIикIкIинаби; **я сде́лал не́которые ~я к те́ксту** дица текстalде дагьа-макъаб жо тIаде жубана ◊ **в ~е** тIаде цIикIкIинабиялъе; **в ~е ко всему́ ска́занному** абурабщиналда тIаде жубаялъе (жубазе)

ДОБАВЛЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **доба́вить(ся)**

ДОБА́ВОЧН//ЫЙ, -ая, -ое цебе букIаралда тIаде кьураб (жубараб), тIаде жубараб; **~ое вре́мя** тIаде жубараб заман

ДОБЕГА́ТЬ *несов. см.* **добежа́ть**

ДОБЕ́ГАТЬСЯ *сов. разг.* тату хвезегIан векеризе; **добе́гался!** тату хвезегIан векерана! **~ до изнеможе́ния** рухI бахъизегIан векеризе

ДОБЕЖА́ТЬ *сов.* векерун *кивениги* щвезе; дурун тIаде гIунтIизе; **~ до до́ма** векерун рукъалда аскIове щвезе

ДОРАБО́ТАТЬ *сов.* 1) *что* (*делать*) тIад хIалтIи гьабун, лъугIизабизе; тIад жеги хIалтIизе; ~ **прое́кт** проекталда тIад жеги хIалтIизе 2) (*до какого-л. срока*) хIалтIуда *кигIаналиго заманалъ* вукIине

ДОРАБО́ТАТЬСЯ *сов. до чего разг.* хIалтIун *цощинаб* даражаялде щвезе; ~ **до головно́й бо́ли** бетIер унтизегIан хIалтIизе

ДОРАБО́ТКА *ж* (*по гл.* **дорабо́тать**) хIалтIи лъугIизаби (рагIалде бахъинаби); ~ **прое́кта** проекталда тIад хIалтIи рагIалде бахъинаби

ДОРАСТА́ТЬ *несов. см.* **дорасти́**

ДОРАСТИ́ *сов. до чего* 1) (*по высоте*) *цощинаб гIурхъуде щвезегIан* кIудияб гIезе (халалъизе); **де́рево ещё дорастёт** гъветI жеги кIудияб гIезе буго 2) *перен.* гIезе (*цощинаб ригьалде щвезегIан*); **он уже́ доро́с, что́бы ходи́ть в кино́** дов киноялде хьвадизе гIун вуго

ДОРВА́ТЬСЯ *сов. разг. до кого-чего* ворчIизе (щвезе); ~ **до воды́** лъехъе ворчIизе

ДОРЕВОЛЮЦИО́НН//ЫЙ, -ая, -ое революциялда цебесеб; **~ая Росси́ я** революциялда цебесеб Россия

ДОРЕ́ЗАТЬ *сов. что* къотIун (хъун) лъугIизаризе, хъвехъун разе; ~ **бума́гу** кагъат къотIун бахъинабизе; ~ **хлеб** чед къотIун бахъинабизе

ДОРЕЗА́ТЬ *несов. см.* **доре́зать**

ДОРО́Г//А *ж* 1) *в разн. знач.* нух, сапар; **широ́кая** ~ гIатIидаб нух; **сби́ться с ~и** нухдаса итизе; **на краю́ ~и** нухлул рагIалда; **отправля́ться в ~у** сапаралъ рахъине; **на полови́не ~и** нухлул бащалъуда 2) (*место прохода или проезда*) **~у!** нух кье!; **дать (уступить) ~у** а) (*отойти в сторону*) нухдаса цо рахъалде къазе, нух биччазе; б) *перен.* (*предоставить возможность действовать*) иш гьабизе, цере тIезе рес кьезе; 3) *в предложных сочет.*: **в (на) ~е** сапаралда; **в ~у** сапаралъ; **взять в ~у** сапаралъ вачине; **закуси́ ть на ~у** сапаралъ вахъиналде кваназе; **де́ньги на ~у** нухлуе гIарац; **с ~и** сапаралъ (*вуссунаго*); **уста́ть с ~и** сапаралдаса хадув сваказе; **по ~е** а) (*по пути*) нухда; б) (*мимоходом*) аскIосан унаго; **по ~е домо́й я зашёл в магази́ н** рокъове унаго, дун тукаде щвана, ваккана ◊ **желе́зная ~а** маххул нух; **проби́ ть себе́ ~у** жиндиего нух бахъизе; **туда́ ему́ и ~а** гьениве витIизе кколаан гьев цевего; **стать поперёк ~и** *лъиениги* квалквал гьабизе; **ска́тертью ~а!** бухъизабе (бокьаралъуве а)!

ДО́РОГО *нареч.* 1) (*по дорогой цене*) хираго; ~ **прода́ть** хираго бичизе 2) *перен.* хираго чIезе; **та побе́да ~ ему́ доста́лась** доб бергьенлъи хираго чIана гьесие

ДОРОГОВИ́ ЗНА *ж* багъаби хиралъи

ДОРО́ГОЙ *нареч.* нухда, сапаралда вукIаго (унаго); ~ **он потеря́ л свои́ ве́щи** нухда унаго, досул къайи билана

ДОРОГ//О́Й, -ая -ое 1) (*дорогостоящий*) хирияб, багъаяб 2) (милый) хирияв, вокьулев; **~о́й друг!** хирияв гьудул!; **ра́ды ~им го́стям!** рохарал руго хириял гьалбадеридаса! ◊ **~о́й цено́й** хIалица, къо бихьун

ДОРО́ДНОСТЬ *ж* кIодолъи, жанив цIей, мазаллъи

ДОРО́ДНЫЙ, -ая, -ое кIудияб черхалъул, мазалияв, щват бугев, жанив цIурав

ДОРОЖА́ТЬ *несов.* хиралъизе, къимат эхеде борхизе, багъа цIикIкIине

ДОРО́ЖЕ *сравн. ст. к* **дорого́й** *и* **до́рого** (цIикIкIун) хираго, цогидалдаса хираго; **он для меня́ ~ всех** дов дие киназдасаго хирияв вуго

ДОРОЖИ́ ТЬ *несов. кем-чем* къимат гьабизе, цIунизе, бокьизе; ~ **свои́м вре́менем** жиндирго заманалъул къимат гьабизе (жиндирго заман цIунизе); ~ **ка́ждой копе́йкой** жиб-жиб капекалъул къимат гьабизе; ~ **хоро́шим рабо́тником** лъикIав хIалтIухъанасул къимат гьабизе

ДОРО́ЖКА *ж* 1) *уменьш. от* **доро́га** 2) сухъмахъ, гьитIинаб, нух; **беговáя** ~ рекеризе (бугеб) нух (*спортивияб*); **взлётная** ~

гьаваялде рахъине самолетал гирулеб нух 3) (*ковер*) чIедерхалатаб (хIатIикь тIамулеб) турут

ДОРО́ЖНИК *м* нухал гьарулев (къачIалев) специалист, нухазул специалист

ДОРО́ЖН//ЫЙ, -ая, -ое нухлул(аб); **~ые рабо́ты** нухлул хIалтIаби; **~ый ма́стер** нухазул устар; **~ый чемода́н** нухлул (нухда босулеб) чемодан

ДОРЫВА́ТЬСЯ *несов. см.* **дорва́ться**

ДОСА́Д//А *ж* рекIеда унти, рекIекълъи, ракIхвей, рекIее бокьунгутIи; **отве́тить с ~ой** рекIекълъун жаваб кьезе; **кака́я ~а, он уе́хал!** огь, ккараб ишха, дов ун вуго!

ДОСАДИ́ТЬ[1] *сов. кому разг.* (*обидеть*) рекIеда унтизабизе, рекIекълъизавизе, ракI хвезабизе

ДОСАДИ́ТЬ[2] *сов. что* чIун бахъинабизе (лъугIизабизе) (*охцер ва гь.ц.*); *цо бакIалде щвезегIан* чIезе

ДОСА́ДНО 1) *нареч.* рекIеда унтун, рекIекълъун 2) *в знач. сказ. безл.*: **мне ~, что он уе́хал** дов ун ватидал, дун рекIекълъана

ДОСА́ДН//ЫЙ, -ая, -ое рекIеда унтараб, рекIекълъараб, рекIекълъизабулеб; **~ая оши́бка** рекIекълъизабулеб гъалатI

ДОСА́ДОВАТЬ *несов. на кого-что* рекIекълъизе (*сунданиги лъиданиги*); **~ на свою́ судьбу́** жиндирго къисматалда (са) рекIекълъизе

ДОСАЖДА́ТЬ *несов. см.* **досади́ ть**[1]

ДОСА́ЖИВАТЬ *несов. см.* **досади́ ть**[2]

ДОСЕВА́ТЬ *несов. см.* **досе́ять**

ДОСЕ́ЯТЬ *сов. что* 1) (*окончить посев*) рекьи лъугIизабизе 2) (*окончить просеивание*) цIалкIун бахъинабизе (лъугIизабизе); **~ муку́** ролъ (хханжу) цIалкIун бахъинабизе

ДОСИДЕ́ТЬ *сов. до чего щибниги* лъугIизегIан гIодов чIезе; **~ до конца́ спекта́кля** спектакль лъугIизегIан гIодов чIезе

ДОСИ́ ЖИВАТЬ *несов. см.* **досиде́ть**

ДОСК//А́ *ж* 1) хъарщи, къоно; **сосно́вая ~а** накIкIицIулал (накIкIи) хъарщи; **гри́фельная ~á** грифелалъул къоно; **мра́морная ~á** мармаралъул къоно 2) доска; **кла́ссная ~а** классалъул доска; **ша́хматная ~á** шахматазул доска, хъарщи; **мемориа́льная ~á** мемориалияб къоно (доска); **~а почёта** хIурматалъул хъарщи ◊ **от ~и́ до ~и́** байбихъудаса ахиралде щвезегIан (*цIализе*); **ста́вить** *кого-л.* **на одну́ ~у** *с кем-л.* (*щивниги*) цогидасда бащад гьавизе; **до гробово́й ~и́** хвезегIан

ДОСКАЗА́ТЬ *сов. что, кому* бицун (абун) лъугIизабизе (бахъинабизе)

ДОСКА́ЗЫВАТЬ *несов. см.* **доказа́ть**

ДОСКАКА́ТЬ *сов. до кого-чего* векерун щвезе *(кивениги)*

ДОСКОНА́ЛЬНО *нареч.* рагIа-ракьанде щун; **рассмотре́ть ~** рагIа-ракьанде щун, балагьизе; **мне ~ изве́стно э́то де́ло** дида гьеб иш, рагIа-ракьанде щун, лъала

ДОСКОНА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое рагIа-ракьанде щвараб, камилаб, мухIканаб; **~ый разбо́р** рагIа-ракьанде щвараб (ишалъул) цIех-рех

ДОСЛА́ТЬ *сов. что, чего, кому* 1) тIадеги битIизе (*цебе букIаралде*); **~ недостаю́ щий том словаря́** гIолеб букIинчIеб (камураб) словаралъул том битIизе 2) *воен.* букIине кколеб бакIалде щвезабизе, ккезабизе; **~ патро́н в патро́нник** патрон патронникалда жанибе ккезабизе

ДОСЛЕ́ДОВАНИЕ *с юр.* цIех-рех рагIалде бахъин; **посла́ть де́ло на ~** дело цIех-рех рагIалде бахъинабизе (лъугIизабизе) битIизе

ДОСЛЕ́ДОВАТЬ *сов. и несов. что юр.* тIадеги цIех-рех гьабизе; **~ де́ло** делоялъул тIадеги цIех-рех гьабизе

ДОСЛО́ВНО *нареч.* дурус, хIарп-хIарп, жиб-жиб рагIи ккун; **передава́ть ~** рагIи-рагIи ккун кьезе (бицине)

ДОСЛО́ВНЫЙ, -ая, -ое хIарп-хIарп ккун, щибаб рагIи ккун гьабураб; дурусаб; **~ перево́д** хIарп-хIарп ккун гьабураб таржама

ДОСЛУЖИ́ТЬ *сов. цо заманалде щвезегIан* хъулухъалда вукIине; *хутIараб заманалъ* хъулухъ гьабизе; **оста́лось мне ~ до пе́нсии год** пенсиялде инегIан дица цо соналъ хъулухъ гьабизе ккола (пенсиялде инегIан хъулухъ гьабизе дие цо сон хутIана)

ДОСЛУЖИ́ТЬСЯ *сов. до чего* хъулухъ гьабун, *цощинаб* даражаялде щвезе (*цо ишалде вахине*); **дослу́жился до заве́дующего** заведующийлъиялде вахинегIан хъулухъ гьабуна

ДОСЛУ́ ШАТЬ *сов. кого-что* лъугIизегIан гIенеккизе (гIин тIамизе); **~ расска́з** хабар лъугIизегIан гIин тIамизе

ДОСЛУ́ ШИВАТЬ *несов. см.* **дослу́шать**

ДОСМА́ТРИВАТЬ *несов. см.* **досмотре́ть**

ДОСМО́ТР *м* балагьи (*контролияб мурадалда лъикI балагьи*), халгьаби; **тамо́женный ~ произво́дится на грани́це** кумурукалъул балагьи (халгьаби) гIорхъода гьабула

ДОСМОТРЕ́ТЬ *сов.* 1) *что* (*до конца*) валагьизе *(ахиралде щвезегIан); ~* **пье́су** пьесаялъухъ ахиралде щвезегIан валагьизе 2) (*за кем-чем*)тIалаб-агъаз гьабизе, хал-шал гьабизе

ДОСМО́ТРЩИК *м* тIаде валагьизе тарав чи, хал гьабизе тарав чи

ДОСОВЕ́ТСКИЙ, -ая, -ое советияб заманалда цебеккунисеб, совет заманалда цебесеб, совет заманалде щвелалде букIараб

ДОСО́ХНУТЬ *сов.* тIубан бакъвазе, гвагIизе, бакъва-гвадазе

ДОСПА́ТЬ *сов. цощинаб заманалде щвезегIан* кьижизе, *кигIаналиго заманалъ* кьижизе; макьид гIорцIизе, гIорцIизегIан кьижизе; **~ до утра́** радаллъагIан кьижизе

ДОСПЕВА́ТЬ *несов. см.* **доспе́ть**

ДОСПЕ́//ТЬ *сов.* тIубан барщизе *(пихъ ва гь. ц.);* **в саду́ ябло́ки ~ли** ахикь гIеч тIубан барщана

ДОСПЕ́ХИ *мн.* (*ед.* **доспе́х** *м*) ярагъ-матахI

ДОСРО́ЧНО *нареч.* заман щвелалдего

ДОСРО́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое гIуждаса цебесеб, заман щвелалде гьабураб, болжалалдаса цебе лъугIараб; **~ое выполне́ние пла́на** заман щвелалдего план тIубазаби

ДОСТАВА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **доста́ть(ся)**

ДОСТА́ВИТЬ *сов.* 1) *кого-что* (*по адресу*) щвезабизе (*кибениги*); **~ письмо́ в срок** кагъат заманалда щвезабизе 2) *что кому ~* (*сделать*, *причинить*) кьезе, батизе, лъугьинабизе, ккезабизе; **~ удово́льствие** лазатаб хIал гьабизе, лазат ккезабизе; **~ беспоко́йство** ургъел ккезабизе (чIвазабизе)

ДОСТА́ВК//А *ж* щвезаби (*кодобе*, *рокъобе*); **уплати́ ть за ~у** щвезабуралъухъ мухь кьезе; **~а пи́сем** кагъатал щвезари; **~а на́дом** рокъобе щвезаби

ДОСТА́Т//ОК *м* 1) (*зажиточность*) рес, рес букIин; **жить в по́лном ~ке** гIураб ресалда вукIине (бетIербахъи гьабизе) 2) *мн.* **~ки** (*доходы*) хайирал; буголъи

ДОСТАВЛЯ́ ТЬ *несов. см.* **доста́вить**

ДОСТА́ТОЧНО 1. *нареч.* гIураб къадаралда (куцалда); **он ~ пораба́тал** дов гIураб къадаралъ хIалтIана 2. *в знач. сказ. безл.* (*хватит*) гIела; **у него́ книг ~** досул гIурал (гIезегIан) тIахьал руго; **~, оста́вьте!** гIела, жибго те! **~, замолчи́ те!** гIела, вуцIцIа!

ДОСТА́ТОЧН//ЫЙ, -ая, -ое 1) гIураб, гIезесеб; **~ый срок** гIураб заман 2) (*зажиточный*) рес бугев (бечедав); **колхо́зники – лю́ди ~ые** колхозчагIи рес бугел гIадамал руго

ДОСТА́ТЬ *сов.* 1) *что* (*взять, вынуть*) босизе, бахъизе; **~ кни́гу из шка́фа** шкафалъуса тIехь босизе; **~ плато́к из карма́на** чвантиниса квербацIцI бахъизе 2) *что* (*приобрести, раздобыть*) щвезе, балагьун батизе; **~ биле́т в теа́тр** театралде билет щвезе 3) *что, до чего* (*дотянуться*) гIунтIизе, щвезе; **здесь дна весло́м не ~** гьаниб тIинде раххан гIунтIуларо 4) (*остаться, хватить*) хутIизе, гIезе; **хле́ба нам вполне́ доста́нет** тIорщел (чед) нилъее тIубанго гIела

ДОСТА́//ТЬСЯ *сов. кому* 1) (*при раздаче, разделе*) щвезе; **мне ~лась от отца́ хоро́шая библиоте́ка** инсул (инсудасан) дие щвана лъикIаб библиотека 2) *безл. разг.* (*получить нагоняй*) гIезабизе; **ему́ ~нется за опозда́ние** кватIаралъухъ гьесие гIезабила

ДОСТИГА́ТЬ *несов. см.* **дости́ чь**

ДОСТИ́ ГНУТЬ *сов. см.* **дости́ чь**

ДОСТИЖЕ́НИ//Е *с* 1) (*по гл.* **дости́чь**) щвей, бахин; **для ~я свое́й це́ли** жиндирго мурадалде щвезелъун 2) (*успех*) бергьенлъи; **~я на́шей промы́шленности** нилъер промышленностальул бергьенлъаби ◊ **по ~и совершенноле́тия** балугьлъиялде вахингун

ДОСТИЖИ́ М//ЫЙ щвезе бегьулеб; **эта цель вполне́ ~а** гьеб мурадалде тIубан щвезе бегьула

ДОСТИ́ЧЬ *сов. чего* 1) щвезе; **~ ле́са** рохьалда аскIоре (рохьихъе) щвезе 2) *перен.* (*дожить*) вахине, щвезе; **~ ста́рости** херлъизе, херлъиялде вахине 3) (*дорасти*) гIунтIизе, бахине (*бижун*); **трава́ мо́жет ~ челове́ческого ро́ста** хер чиясул (черха-

лъул) халалъиялде (борхалъиялде) бахине бегьула 4) (*добиться*) щвезе; **~ це́ли** мурадалде щвезе

ДОСТОВЕ́РНО *нареч.* битIун, хIакъикъаталда, щаклъи гьечIого, ракI чIун, мухIканго, дурусго; **~ изве́стно** мухIканго лъала

ДОСТОВЕ́РНОСТЬ *ж* битIараб букIин, хIакъикъияб букIин, уяблъи, щаклъи гьечIеб, ракI чIараб букIин; **я руча́юсь за ~ э́того сообще́ния** гьеб хабар битIараб букIиналъе дица (гъоркьчIел) нугIлъи гьабула

ДОСТОВЕ́РН//ЫЙ, -ая, -ое битIараб, хIакъикъияб, щаклъи гьечIеб, ракI чIараб, мухIканаб, дурусаб, уяб; **~ые све́дения** хIакъикъиял баянал

ДОСТО́ИНСТВ//О *с* 1) (*положительное качество*) лъикIаб рахъ (*гIамал, хасият*); **~а и недоста́тки карти́ны** сураталъул лъикIал ва квешал (гIоларел) рахъал 2) (*уважение к себе*) жиндирго хIурмат, къимат, адаб гьаби; **держа́ться с ~ом** жиндирго къимат гьабун чIезе; **роня́ть своё ~о** жиндирго хIурмат, къадру гIодобегIан гьабизе; **сохрани́ть чу́вство со́бственного ~а** жиндирго хIурмат, къимат, къадру цIунизе

ДОСТО́ЙНО *нареч.* рекъон, мустахIикъго; **~ отве́тить** мустахIикъго жаваб кьезе

ДОСТО́ЙН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*стоящий чего-л.*) рекъараб, мустахIикъаб; **~ый посту́пок** мисал босизе мустахIикъаб иш 2) (*справедливый*) битIараб, мустахIикъаб; **~ая награ́да** муста-хIикъаб шапакъат 3) *уст.* (*почтенный*) хIурматав; кIудияв; **~ый челове́к** хIурматав чи, яхI-намус бугев, лъикIав чи, вукIине рекъарав чи

ДОСТОПА́МЯТНЫЙ, -ая, -ое *уст.* ракIалдаса унареб, кIочонареб, гьайбатаб

ДОСТОПРИМЕЧА́ТЕЛЬНОСТ//Ь *ж* машгьурал, кирего рагIарал, берцинал, гьайбатал бакIал; **~и го́рода** шагьаралъул гьайбатал, берцинал бакIал

ДОСТОПРИМЕЧА́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое цIакъаб, бихьизе (кIвар буссинабизе) рекъараб, беричаб, гьайбатаб

ДОСТОЯ́НИЕ *с* 1) буголъи, милк (мулк); **всенаро́дное ~** тIолабго халкъалъул милк 2) *перен.* киназдаго лъараб, рагIараб жо; **э́та мысль ста́ла всенаро́дным ~м** гьеб пикру киназдаго лъана (киназдаго лъалеблъун лъугьана)

ДОСТРА́ИВАТЬ *несов. см.* **достро́ить**

ДОСТРО́ИТЬ *сов. что* бан лъугIизабизе (рагIалде бахъинабизе); **~ мост** кьо бан лъугIизабизе

ДОСТРО́ЙКА *ж* бан лъугIизаби, рагIалде бахъинаби; **~ до́ма** мина бан бахъинаби

ДО́СТУП *м* 1) (*проход*) нух; **снеговы́ е сугро́бы закры́ли вся́ -кий ~ к сара́ю** гIазул гIансаз гьоробе кинаб букIаниги нух къан букIана 2) (*разрешение*) изну; **получи́ть ~ к архи́ву** архивалда хIалтIизе изну щвезе

ДОСТУ́ ПНОСТЬ *ж* 1) (*местности*) нух щвезе, батизе, балагьизе кIвей 2) (*простота, легкость*) гIадатлъи; бигьалъи; **~ изложе́ния** хъвараб жоялъул (хабаралъул) гIадатлъи, бигьаго бичIчIулеб букIин

ДОСТУ́ПН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*о местности*) ине нух бугеб; **э́та ме́стность ~ая для тури́стов** гьаб бакI туристал ине бигьаяб (нух бугеб) буго 2) (*понятный*) бичIчIизе бигьаяб, хадур гьолеб; **~ая ле́кция** бичIчIизе бигьаяб лекция 4) (*открытый для всех*) рагьараб, изну, ихтияр бугеб; **образова́ние в на́шей стране́ ~о всем** нилъер улкаялда лъай (боси) киназего рагьараб буго (лъай босизе ихтияр буго)

ДОСТУЧА́ТЬСЯ *сов. разг.* бухун, кIутIун рагIизабизе кIвезе; **не ~ в две́рь** нуцIида кIутIун, рагIизабизе кIунгутIизе

ДОСУ́ Г *м* регIараб, хIалтIи гьечIеб заман, паракъатаб гIуж; **у него́ ма́ло ~а** гьесул регIараб заман дагьаб буго; **в часы́ ~а** эркенаб, регIараб заманалда

ДО́СУХА *нареч.* тIубан бакъвазегIан; **вы́тереть ру́ки ~** тIуран ракъвазегIан кверал рацIцIине

ДОСЧИТА́ТЬ *сов. что и без. доп. цощинаб къадаралде щвезегIан* рикIкIине; рикIкIун лъугIизабизе; **~ до ты́сячи** азаргоялде щвезегIан рикIкIине

ДОСЧИ́ ТЫВАТЬ *несов. см.* **досчита́ть**

ДОСЫЛА́ТЬ *несов. см.* **досла́ть**

ДОСЫ́ПАТЬ *сов. что, чего* цIезегIан, кIалтIе бахинегIан базе, бан цIезабизе; **~ муки́ в те́сто** хамуралда тIаде хканжу базе, щвазе

ДОСЫПА́ТЬ[1] *несов. см.* **досы́ пать**

ДОСЫПА́ТЬ[2] *несов. см.* **доспа́ть**

ДО́СЫТА *нареч.* гIорцIизегIан; **нае́сться ~** гIорцIизегIан ккваназе; **накорми́ть ~** гIорцIизегIан кваназавизе ◊ **наговори́ ться ~** гIорцIизегIан кIалъазе, хабар бицине

ДОСЮ́ ДА *нареч. разг.* гьанибе щвезегIан; **напиши́ ~** гьанибе щвезегIан хъвай

ДОСЯГА́ЕМОСТ//Ь *ж* квер битIун щвей (гIунтIи, щвезе бегьи); **в преде́лах ~и** квер битIун щолеб бакIалда

ДОСЯГА́ЕМЫЙ, -ая, -ое (*достижимый, доступный*) квер битIун щолеб, гIунтIулеб

ДОТ *м* (*долговременная огневая точка*) *воен.* **дот**

ДОТА́ЦИЯ *ж* дотация (учреждениязе, предприятиязе хIукуматалъ гьабулеб гIарцулаб кумек)

ДОТАЩИ́ТЬ *сов. кого-что цо бакIалде щвезегIан* баччизе, цIазе, бехъерхъизе; **~ ло́дку до воды́** раса лъеда аскIобе щвезегIан бехъерхъун (цIан) бачине

ДОТАЩИ́ //ТЬСЯ *сов. разг.* хIалица щвезе (*кивениги*); **мы ~лись до до́му по́здно ве́чером** къаси кватIараб мехалъ ниж хIалица щвана рокъоре

ДОТЕМНА́ *нареч.* рукIкIинегIан; **прогуля́ ться ~** рукIкIинегIан тира-сверизе

ДОТЛА́ *нареч.* тIубанго, щибниги нахъе хутIичIого, тIинда гъун, рагIа-ракьанде щун, кьучIдасанго; **сгоре́ть ~** кьучIдасанго (*щибниги нахъе хутIичIого*) бухIизе; **разори́ть ~** рагIа-ракьанде щун, чIунтизабизе

ДОТО́ШНЫЙ, -ая, -ое *разг.* мухIканав, хIалбихьи бугев, кинабго бичIчIулев

ДОТРА́ГИВАТЬСЯ *несов. см.* **дотро́нуться**

ДОТРО́НУТЬСЯ *сов. до кого-чего* хъатIизе, хъвазе; **щека́ распу́хла и бо́льно ~** кIаркьен гьорон буго, квер хъвани, унтула; **он дотро́нулся до плеча́ бра́та** дов вацасул гъажалда хъатIана

ДОТЯ́ ГИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **дотяну́ть(ся)**

ДОТЯНУ́ ТЬ *сов.* 1) *кого-что до чего* (*дотащить*) *кибениги щвезегIан* цIазе, бехъерхъизе 2) *что разг.* (*до какого-л. времени*) халат бахъинабизе (цIазе); **~ рабо́ту до ве́чера** хIалтIи къасилъагIан халат бахъинабизе 3) *разг. (дожить);* **больно́й до весны́ не дотя́нет** унтарав их щвезегIан чIаго хутIиларо

ДОТЯНУ́ //ТЬСЯ *сов. до чего* 1) гIунтIизе (*хIалица*); **~ться до сту́ла** бакIиде гIунтIизе 2) *разг.* (*медленно дойти*) гьаругьинан ахиралде щвезе (*заман*); **год ~лся до конца́** лъагIел ахиралде щвана

ДОУ́ ЧИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **доучи́ ть(ся)**

ДОУЧИ́ //ТЬ *сов.* 1) *кого* цIали лъугIизабизе 2) *что* цIалун лъугIизабизе (*цо магIнаяб бакIалде щвезабизе, хутIараб цIалун лъугIизабизе, цIалун бахъинабизе*); **~сь хоть до весны́** их щвезегIангIаги цIалде

ДОУЧИ́ //ТЬСЯ *сов.* 1) (*закончить обучение*) (тIубан) цIалун ваxъине, 2) *до чего* (*до какого-л. срока*) цIалдезе (*цо бакIалде щвезегIан*); **он ~лся то́лько до девя́того кла́сса** дов ичIабилеб классалде щвезегIан гурони цIаличIо (цIалдечIо)

ДОХА́ *ж* бегуниса тIимугъ (*жанибги къватIибги квас бугеб тIимугъ*)

ДО́ХЛЫЙ, -ая, -ое 1) (*о животных*) капурго хвараб 2) *перен. разг.* (*хилый – о человеке*) загIипав, рухIдакъав, хваразул рухI гIадав

ДОХЛЯ́ ТИНА 1) *ж собир.* (падаль) балкан (*капурго хвараб*) 2) *перен. м, ж шутл.* (*хилый человек*) хваразул рухI

ДО́ХНУТЬ *несов.* (*о животных*) капурго хвезе

ДОХН//У́ ТЬ *сов.* 1) *разг.* гьохьизе, хIухьел биччазе (*цо нухалъ*); **~и-ка на меня́** диде гьохьея цо 2) (*повеять*) пузе; **~у́л сла́бый ветро́к** загIипаб гьури пуна ◊ **~у́ть не́когда** регIун гьечIо, хIалтIулъ къан вуго (хIухьел цIазе заман гьечIо)

ДОХО́Д *м* тIаде бачIунеб хайир; харж; доход; **годово́й ~** лъагIалил хайир, доход; **госуда́рственные ~ы** пачалихъалъе щолел доходал

ДОХОД//И́ ТЬ *несов. см.* **дойти́ ; не ~я́ до того́ ме́ста** доб бакIалде щвелалдего ◊ **~и́ть свои́м умо́м** живго ургъун, цо пи-

круялде вачIине; **у меня́ ру́ки не ~ят до э́того** гьелде регIулев гьечIо дун, гьелде дир квер щолеб гьечIо

ДОХО́ДНОСТЬ *ж* тIаде бачIунеб хайир, харж букIин; **~ предприя́тия** предприятиялъул тIаде бачIунеб хайир букIин; *сундасанниги щолеб* доходалъул къадар

ДОХО́ДН//ЫЙ, -ая, -ое тIаде бачIин бугеб, хайирияб; жо щолеб; доход, хайир кьолеб; **~ое предприя́тие** хайирияб (тIаде жо щолеб), хайир кьолеб предприятие

ДОХО́ДЧИВ//ЫЙ, -ая, -ое бичIчIизе бигьаяб, хехго хадув гIунтIулеб; **~ая пье́са** бичIчIизе бигьаяб пьеса

ДОЦВЕ//СТИ́ *сов.* тIубан тIегьазе, тIегьан бахъине; **в саду́ я́ блони уже́ ~ли́** ахикь гIечугъутIби гьанжеялде тIегьан руго

ДОЦВЕТА́ТЬ *несов. см.* **доцвести́**

ДОЦЕ́НТ *м* доцент (*профессорасда гъоркьехунисеб гIелмияб цIар)*

ДОЧЕРНА́ *нареч.* чIегIерлъизегIан

ДОЧЕ́РН//ИЙ, -ая, -ее 1) ясалъул 2) (*филиал*) аслияб гуреб

ДО́ЧИСТА *нареч.* 1) (*до чистоты*) бацIцIалъизегIан; **отмы́ть ~** бацIцIалъизегIан чуризе 2) *перен. разг.* (*без остатка*) щибниги нахъе течIого, матIу гIадин бацIцIалъизабун; **ре́бята дое́ли всё ~** лъималаз, щибго нахъе течIого, кинабго кванан бахъинабуна; **огра́бить** *кого-л.* **~** *щивниги* матIу гIадин вацIцIад гьавизе (щибго течIого, талавур гьавизе)

ДОЧИТА́ТЬ *сов. что* 1) (*до конца*) лъугIизегIан (*ахиралде щвезегIан*) цIалун бахъинабизе; **~ кни́гу** тIехь цIалун бахъинабизе 2) (*до какого-л. предела*) *цощинаб бакIалде щвезегIан* цIализе; **~ до середи́ны** бакьулъе щвезегIан цIализе

ДОЧИТА́ТЬСЯ *сов. цощинаб хIалалде ккезегIан* цIализе; **~ до головно́й бо́ли** бетIер унтизегIан цIализе

ДОЧИ́ТЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **дочита́ть(ся)**

ДО́ЧКА *ж* 1) *см.* **дочь** 2) (*обращение к молодой женщине, девушке, девочке*) ясай

ДОЧЬ *ж* яс

ДОШИВА́ТЬ *несов. см.* **доши́ть**

ДОШИ́ТЬ *сов. что* букъун лъугIизабизе; *цощинаб бакIалде щвезегIан* букъизе (*ретIел*); **~ пла́тье** гурде букъун бахъинабизе (*лъугIизабизе*)

ДОШКО́ЛЬНИК *м* 1) школалде кьезе гIечIев вас 2) *гьеб гIелалъул* лъималазулгун хIалтIи гьабулев педагог

ДОШКО́ЛЬНИЦА *ж* 1) школалде кьезе гIечIей яс 2) *гьеб гIелалъул лъималазулгун* хIалтIи гьабулей педагог

ДОШКО́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое школалде ине гIечIеб; **де́ти ~ого во́зраста** школалде ине гIечIел, школалъул гIужде рахинчIел лъималъ; **~ые учрежде́ния** школалде ине гIечIел лъималазул тIалаб гьабулеб учреждение (идара); **~ое воспита́ние** школалде ине гIечIел лъималазе тарбия кьей (кьолеб тарбия)

ДОЩА́ТЫЙ, -ая, -ое хъарщазул гьабураб; **~ пол** хъорщол чIабар

ДОЩЕ́ЧКА *ж уменьш. от* **доска́**

ДО́ЯР *м* вечIчIарухъан

ДОЯ́РКА *ж* ечIчIарухъан

ДРА́ГА *ж* драга (*ракь бахъулеб, бухъулеб гIемер кIудияб гьечIеб машина*)

ДРАГОЦЕ́ННОСТЬ *ж* гIарац-меседалъул къимат цIикIкIараб къайи; къимат цIикIкIараб предмет (*мас. художникас бахъараб сурат*)

ДРАГОЦЕ́НН//ЫЙ, -ая, -ое кIудияб къиматалъул (цIакъ хирияб, багьаяб); **~ые ка́мни** цIакъ къиматал, багьа цIикIкIарал ганчIал (*алмаз ва гь. ц.*)

ДРАГУ́Н *м ист.* драгун *(цо-цо улкабазул чодулав рагъухъан)*

ДРАГУ́НСКИЙ, -ая, -ое *ист.* драгунасул(аб), драгуназул(аб)

ДРАЖЕ́ *с* драже (*гIиссинал конфетазул цо тайпа*)

ДРАЗНИ́ТЬ *несов.* 1) *кого-что* валъаргьине; щцидахинавизе 2) *что* (*возбуждать*) вагъаризавизе; хIацIадизавизе

ДРА́К//А *ж* кьабгIей, рагъ; **нача́ть ~у** рагъ багъаризабизе ◊ **по́сле ~и кулака́ми не ма́шут** цо иш лъугIизабун хадуб, гьелъул бицунаро, гьабун тараб ишалъул бицунареб

ДРАКО́Н *м фольк.* аздагьо

ДРАКО́НОВСК//ИЙ, -ая, -ое *книжн.* кутакалда кьвararab; **~ие зако́ны** цIакъ кьварарал законал

ДРА́М//А *ж* 1) *лит., театр.* драма (*сценаялда бихьизабизелъун хъвараб литературияб асар*) 2) *перен.* балагь (*квешаб иш*); **семе́йная ~а** хъизаналъул балагь; **пережи́ть ~у** балагь хIехьезе (бихьизе)

ДРАМАТИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое 1) драмаялъул(аб); **~ теа́тр** драмаялъулаб театр 2) *перен.* (*тяжелый, безвыходный*) цIакъ захIматаб, рес къотIараб, кутакалда хIалуцараб

ДРАМАТИ́ЧНЫЙ, -ая, -ое *см.* **драмати́ческий**[2]

ДРАМАТУ́РГ *м* драматург (*драмаби хъвалев хъвадарухъан*)

ДРАМАТУРГИ́Я *ж* 1) драматургия (*драмаялъулал асарал хъвалеб куцалъул теория, къагIида*) 2) *собир.* драмиял, драмая-лъулал асарал

ДРАМКРУЖО́К *м* (драматический кружок) драмкружок (драмаялъул(аб) кружок)

ДРА́НКА *ж собир.* дранка (*мокърукь, къадада хIарщ ккквезелъун гъоркь кьабулеб тIеренаб чIедераб хъарщи*)

ДРА́Н//ЫЙ, -ая, -ое *разг.* тIутIураб, бихъ-бихъараб, хвараб; **~ые сапоги́** тIутIурал чакмаби ◊ **~ая ко́шка** (*о женщине*) хIалакъаб кето́ гIадай гIадан

ДРАП *м* драп (*бищатаб исхъалидул цо тайпа*)

ДРАПИРОВА́ТЬ *несов. кого-что* тIад исхъали кквезе, ххамица чIухIизабизе

ДРАПИРОВА́ТЬСЯ *несов. чем, во что* берцинал тIанчIал, сукIалаби лъугьинарун, ретIел ретIине

ДРАПИРО́ВКА *ж* 1) (*по гл.* **драпирова́ть**) исхъали кквей 2) (*занавеска*) пардав (*бигъараб жо*) 3) ххам ккун къачIай, чIухIизаби

ДРА́ПОВ//ЫЙ, -ая, -ое драпалъул; **~ое пальто́** драпалъул пальто

ДРА́ТВА *ж* хьитал рукъулеб квар, габаниквар

ДРАТЬ *несов.* 1) *что разг.* (*рвать*) бихъизе, тIезе 2) *что* (*отделять кору, покров*) ччукIизе, бахъизе; **~ шку́ру с овцы́** чахъдадаса тIом бахъизе 3) *кого разг.* цIацIазе, туркIизе; **~ за́ уши** гIундул цIа-цIазе 4) *что* (*раздражать*) судизабизе, бухIизабизе; **бри́тва дерёт** носоца судизабулеб буго 5) *что и без доп. разг.* (*дорого брать*) цIикIкIун босизе, бахъизе; **~ втридо́рога** лъабго бутIаялъ цIикIкIун бахъизе (*мас., гIарац*) ◊ **~ гло́тку** чичIидизе; **моро́з по ко́же дерёт** а) (*от холода*) кутакалда квачан буго б) (*от ужаса, от страха*) хIинкъиялъ сородулев вуго; **черт бы его́ драл!** щайтIаналъ кквегиха дов!; **~ нос** чIухIизе, эхеде валагьизе

ДРА́ТЬСЯ *несов.* 1) *с кем* (*сражаться*) вагъизе; **~ с враго́м** тушмангун вагъизе 2) (*бить друг друга*) цоцада кьабгIезе; **ма́льчики деру́тся** васал кьабгIолел руго; **что ты дерёшься?** мун щай вагъулев? 3) *за что перен. разг.* къеркьезе; **~ за высо́кий урожа́й** кIудияб бачIиналъе гIоло къеркьезе

ДРА́ХМА *ж* 1) (*денежная единица*) драхма (*некIсиял греказул гIарцул ва меседил гIарац*) 2) *цебе аптекалда хIалтIизабулеб букIараб цIавул роцен* – 3,74 гр.

ДРАЧЛИ́ВОСТЬ *ж* вагъулеб хасият

ДРАЧЛИ́ВЫЙ, -ая, -ое вагъизе гьира, вагъулеб хасият бугев

ДРАЧУ́Н *м* гIемер вагъулев (чи, вас), вагъдохъан

ДРАЧУ́НЬЯ *ж* гIемер ягъулей (чIужу, яс), ягъдохъан

ДРЕБЕДЕ́НЬ *ж разг. собир.* гьадингояб жо, чIанда

ДРЕ́БЕЗГ *м*: **разби́ть в ме́лкие ~и** ричIчIи гьабун, кесекесек батIа гьабун, гъуризе

ДРЕБЕЗЖА́НИЕ *с* звар-звари, жваргъ-жваргъи

ДРЕБЕЗЖА́//ТЬ *несов.* жваргъезе, зваргъезе; **стёкла ~т** цIурдул зваргъолел руго

ДРЕВЕСИ́НА *ж* 1) (*часть дерева*) цIул (*къайи-цIа гьабулеб*) 2) *собир.* (*лесоматериал*) цIул-цIа, гъутIби

ДРЕВЕ́СН//ЫЙ, -ая, -ое цIулал(аб); **~ый у́голь** цIулал тIурччи; **~ый спирт** цIулал бахъараб спирт; **~ая смола́** цIулал пицI

ДРЕ́ВКО *с* гIоркь, гIер; **~ зна́мени** байрахъалъул гIер

ДРЕВНЕСЛАВЯ́НСКИЙ, -ая, -ое некIсиял славяназул(аб); **~ язы́к** некIсиял славяназул мацI

ДРЕ́ВН//ИЙ, -яя, -ее 1) некIсияб, цIакъ цебегосеб, цебе заманалъул; **~яя исто́рия** некIсияб история (тарих) 2) (*очень старый*) цIакъ басрияб, хераб; **~ий дед** цIакъ херав кIудада

ДРЕ́ВНОСТ//Ь *ж* 1) некIсияб, цебегосеб букIин; **в глубо́кой ~и** цIакъ некIсияб заманалда 2) *мн.* **~и** (*памятники прошлого*) некIсияб культураялъул хутIелал; **музе́й ~ей** некIсиял культурабазул хутIелазул музей 3) (*старость*) херлъи, басралъи

ДРЕВОВИ́ДНЫЙ, -ая, -ое гъветI гIадин бижулеб; **~ куст** гъветI гIадин бижулеб хъарахъ

ДРЕВОНАСАЖДЕ́НИ//Е *с* 1) (*посадка*) гъутIби чIей 2) *мн.* **~я** (*посаженные деревья*) чIарал гъутIби (рохь)

ДРЕЗИ́НА *ж ж.-д.* дрезина (*маххул нухдасан хьвадулеб гьитIинабго гьоко (квераз яги моторалъ бачунеб*)

ДРЕЙФ *м мор.* дрейф (1 *гьороца, ралъдал чвахиялъ унеб гама нухдаса кьуризаби, таризаби*; 2 *ралъдал чвахиялъ цIурдузул кIудиял кескал рагъаризари*) ◊ **лечь в ~** цо бакIалда чIун букIине

ДРЕЙФОВА́ТЬ *несов. мор.* гьорол, ралъдал чвахиялъ цо рахъалде бачун ине; **~ во льдах** цIурдузда цадахъ бачун ине; цо бакIалда чIун букIине

ДРЕЙФУ́ЮЩИЙ, -ая, -ее гьороца, ралъдал чвахиялъ бачун унеб; **~ кора́бль** гьороца, ралъдал чвахиялъ бачун унеб гама

ДРЕЛЬ *ж тех.* рочохин

ДРЁМА *ж см.* **дремо́та**

ДРЕМА́ТЬ *несов.* 1) гъапуллъизе, макьихине, свадизе 2) тохлъизе ◊ **не ~** тохлъунгутIизе; **враг не дре́млет** тушман тохлъизе чIоларо

ДРЕМО́ТА *ж* макьихин, гъапуллъи

ДРЕМУ́ЧИЙ, -ая, -ее гванзаб, керчаб, гъамилараб, бецIаб; **~ лес** гванзаб, керчаб, бецIаб рохь

ДРЕНА́Ж *м* дренаж (1 *тех. орал рухъун, хьуцI бакъвазаби;* 2 *мед. мащуялдалъун ругънал хьверд, рецIцI нахъе гьаби*)

ДРЕНА́ЖН//ЫЙ, -ая, -ое дренажалъул; **~ые рвы** дренажалъе рухъарал орал, рахъал

ДРЕССИРО́ВАНН//ЫЙ, -ая, -ое ругьун гьабураб, квегъараб; **~ая ло́шадь** квегъараб чу

ДРЕССИРОВА́ТЬ *несов. кого-что* квегъизе, кверде ругьун гьаризе; **~ звере́й** жанаварал кверде ругьун гьаризе

ДРЕССИРО́ВКА *ж* ругьун гьаби, квегъи (*хIайванал ва гь. ц.*)

ДРЕССИРО́ВЩИК *м* хIайванал квегъулев, ругьун гьарулев чи

ДРЕССИРО́ВЩИЦА *ж* хIайванал квегъулей, ругьун гьарулей гIадан

ДРОБИ́ЛКА *ж тех. щибниги жо* хъурулеб, гъурулеб машина

ДРОБИ́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое *тех.* хъурулеб, гъурулеб; **~ая маши́на** *щибниги* хъурулеб машина

ДРОБИ́НА *ж* сачмадул горо, цо сачма

ДРОБИ́НКА *ж уменьш. от* **дроби́на**

ДРОБИ́ТЬ *несов. что* 1) (*размельчать*) хъуризе, гъуризе, гIисин гьабизе; **~ ка́мень** гамачI хъуризе 2) *перен.* (*делить*) бикьизе, гIисинал бутIаби гьаризе

ДРОБИ́ТЬСЯ *несов.* (*размельчаться*) хъурун ине, гъурун ине; гIисинлъизе 2) *перен. (делиться)* бикьун ине, гIисинал бутIаби лъугьине

ДРОБЛЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **дроби́ть**) хъури, гъури, гIисин гьаби **2.** (*по гл.* **дроби́ться**) хъурун, гъурун ин; бикьун ин, гIисинал бутIаби лъугьин

ДРОБЛЁНЫЙ, -ая, -ое хъурараб, гIисин гьабураб; **~ кирпи́ч** гъурараб кирпич

ДРО́БН//ЫЙ, -ая, -ое 1) *мат.* дробазулаб; **~о́е число́** дробазулаб рикIкIен 2) (*мелкий*) гIисинаб; **~ый до́ждь** гIисинаб ризаб цIад

ДРОБОВИ́К *м* сачматуманкI (*сачмаялъ цIун кьвагьулеб*)

ДРОБЬ *ж* 1) (*для ружья*) сачма 2) *мат.* дробь (*тIубараб рикIкIеналъул бутIа*); **десяти́чная ~** анцIилаб дробь; **пра́вильная ~** битIараб дробь; **непра́вильная ~** мекъаб дробь 3) *перен.* гIисинго кIетIолеб гьаракь

ДРОВА́ *мн.* цIул (*цIада лъолеб*); **руби́ть ~** цIул бичIизе; **берёзовые ~** махил цIул ◊ **кто в лес, кто по ~** *погов.* гIадлу-низам гье-чIого; цояс-эхеде, цояс-гIебеде; **да́льше в лес – бо́льше дров** *посл.* гьабунагIан гIемерлъулеб жойила хIалтIи (*кици*)

ДРО́ВНИ *мн.* (*къайи-цIул баччулел*) чанагъал

ДРОВОСЕ́К *м* 1) цIул къотIулев чи, рохьохъан 2) *зоол.* цIулал хIапара

ДРОВЯНО́Й, -ая, -ое цIулал; **~ склад** цIулал склад (*цIул лъолеб склад*)

ДРО́ГНУТЬ[1] *несов.* (*зябнуть*) квачан сорозе

ДРО́ГН//УТЬ[2] 1) *однокр. к* **дрожа́ть**[1], 1) тIуркIизе; сорозе; **ни оди́н му́скул не ~ул на его́ лице́** гьесул гьурмада цониги щекI тIуркIичIо; 2) (*прийти в смятение*) виххизе; рихха-хочи ккезе; нахъе къазе; **враг ~ул** тушман виххана ◊ **у него́ рука́ не ~ет** гьесул квер тIуркIиларо; гьев гьабулеб жоялде вачIунаро, нахъе къаларо

ДРОЖА́НИЕ *с* (*по гл.* **дрожа́ть**) сороди, тIуртIуди; **~ рук** кверазул сороди

ДРОЖ//А́ТЬ *несов.* 1) (*трястись*) сородизе, тIуртIудизе; **дере́вья ~ат** гъутIби сородулел, хьвагIолел руго; **~а́ть от хо́лода** квачан сородизе 2) *за кого-что перен. щибниги жо лъугьиналдаса* хIинкъун йикIуна; **мать ве́чно ~ит за дете́й** эбел даимго лъималазда хIинкъун йикIуна

ДРОЖА́ЩИЙ, -ая, -ое 1) (*трясущийся*) гьаргъадулеб, сородулеб, тIуртIудулеб; **~ от хо́лода** цIороялъ сородулеб 2) (*прерывистый*) къотIарулеб; **~ го́лос** къотIарулеб, соролеб гьаракь

ДРОЖЖЕВО́Й, -ая, -ое реччеялъул; **~ заво́д** реччеялъул (речче гьабулеб) завод

ДРО́ЖЖ//И *мн.* речче, мач; **те́сто на ~а́х** реччеялда буцараб хамур

ДРОЖЬ *ж* сорой, сороди, сири, гъаргъар; **холо́дная ~** цIороараб гъаргъар

ДРОЗД *м зоол.* рохьилхIинчI

ДРОФА́ *ж зоол.* тувадахъ

ДРУГ[1] *м в разн. знач.* гьудул; **да́вний ~** цевегосев гьудул; **~ дете́й** лъимазул гьудул ◊ **будь ~ом** дуе талихI кьеги; **ста́рый ~ лу́чше но́вых двух** *посл.* цевегосев гьудул кIиго цIиясдаса лъикIав; **друзья́ познаю́тся в беде́** *погов.* гьудулзаби къварилъи ккедал лъала

ДРУГ[2]**: ~ ~а** цоцаца, цояс цояв; **выруча́ть ~ ~а** цоцаца рорчIизаризе; **~ про́тив ~а** цояв цоясда данде; **~ с ~ом** цадахъ; **~ от ~а** цоцаздасан

ДРУГ//О́Й, -ая, -ое 1) (*иной*) батIияб; **дай мне ~о́й нож** дие (дихъе) батIияб нус кье; **кто-то ~о́й** щивалиго батIияв; **и тот и ~о́й** гьавги довги; **оди́н за ~и́м** цоялда хадуб цоябги; **~и́ми слова́ми** батIайиса, цогидал рагIабаздалъун (абуни); **э́ то ~о́е де́ло** гьеб батIияб иш буго; **с ~о́й стороны́** батIияб рахъалъ; **в ~о́м ме́сте** батIияб бакIалда; **в ~ой раз** цогидаб мехалъ 2) (*второй, следующий*) хадусеб, кIиабилеб; **на ~о́й день** хадусеб, нахъисеб къоялъ 3) *в знач. сущ.* **~о́е** цогияб, цогидаб; **ему говори́шь одно́, а он де́лает ~о́е** досда цо абула, дос абуни батIияб гьабула 4) *в знач. сущ.* **~и́е** *мн.* цогидал; **за́ботиться о ~и́х** цогидазул тIалаб-агъаз гьабизе

ДРУ́ЖБ//А *ж* гьудуллъи, гьудул-гьалмагъльи; гьуинлъи; **~а наро́дов** халкъазул гьудуллъи; **быть в ~е** *с кем-л. щивгунниги* гьудуллъиялда вукIине ◊ **не в слу́жбу, а в ~у** *погов.* хъулухъалъе гIоло гуро, гьудуллъиялъе гIоло

ДРУЖЕЛЮ́БИЕ *с* гьудуллъи (гьуинлъи) бокьи

ДРУЖЕЛЮ́БНО *нареч.* гьуинго, гьудуллъигун, гьудуллъиялда

ДРУЖЕЛЮ́БН//ЫЙ, -ая, -ое гьудуллъи, гьуинлъи бокьулев; **~ые свя́зи** гьудуллъи бокьун гьарулел хурхенал; гьудуллъиялъулал бухьенал

ДРУ́ЖЕСК//ИЙ, -ая, -ое гьудуллъиялъулаб; **~ый приве́т** гьудуллъиялъулаб салам ◊ **быть** *с кем-л.* **на ~ой ноге́** лъикIав гьудуллъун вукIине; гьудуллъиялъулаб, гIага́рлъиялъулаб гьоркьоблъи букIине

ДРУ́ЖЕСТВЕНН//ЫЙ, -ая, -ое гьудуллъиялъулаб; **~ая страна́** гьудуллъиялда бугеб улка; **~ые отноше́ния** гьудул-лъиялъулал гьоркьорлъаби; **~ые свя́зи** гьудуллъиялъулал бухьенал

ДРУЖИ́НА *ж* 1) *ист.* дружина (*цебесеб Россиялда букIараб бодул кьокъа*) 2) (*отряд*) кьокъа; **пожа́рная ~** цIа свинабулезул кьокъа; **пионе́рская ~** пионеразул кьокъа (дружина, отряд)

ДРУЖ//И́ТЬ *несов. с кем-чем* гьудуллъи гьабизе (кквезе), гьудуллъун вукIине; **я сним ~у́ с де́тства** гьитIинаб кьоялдаса нахъего дица гьесулгун гьудуллъи гьабула

ДРУЖИ́ЩЕ *м разг.* (*обращение*) гьудул

ДРУ́ЖКА *м* (*на свадьбе*) (*берталъ*) бахIарасул гьудул

ДРУ́ЖНО *нареч.* 1) (*сплоченно*) рекъон, гьудуллъиялда 2) (*единодушно*) цадахъ, рекъон; **жить ~** рекъон рукIине

ДРУ́ЖН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*сплоченный*) цоцалъ рекъараб, гъункараб, гьудуллъиялда бугеб; **~ая семья́** цоцалъ рекъараб хъизан 2) (*единодушный*) цоцалъ рекъараб, цадахъаб; **~ая рабо́та** цоцалъ рекъараб хIалтIи ◊ **~ый смех** цадахъаб релъи; **~ая весна́**

хинго, хехго бачIунеб их (бачIине лъан, жиндир заманалда бачIунеб их)

ДРУЖО́К *м разг.* (*приятель*) гьудул (*веэдун абулеб*), гьудулав чи

ДРЫ́ГАТЬ *несов. чем разг.* тIеркIезабизе; ~ **ногóй** хIетIе тIеркIезабизе

ДРЯ́ БЛОСТЬ *ж* бечIай; ~ **мыщц** ччорбазул речIай

ДРЯ́ БЛ//ЫЙ, -ая, -ое бечIараб; **~ая кóжа** бечIараб тIом

ДРЯ́ ЗГИ *мн. разг.* дагIба-рагIи, къец, жахIда-хIусуд, хъетIей

ДРЯНН//О́Й, -а́я, -о́е *разг.* къадараб, квешаб, нахъегIанаб; **~о́й челове́к** нахъегIанав чи; **~о́й мальчи́ шка** квешав васав; **~о́е де́ло** квешаб (нахъегIанаб) иш

ДРЯНЬ *ж разг.* 1) *собир.* (*сор, хлам*) магъакькIачар 2) (*ничтожный человек*) къадарав, хIалихьатав чи, магъакь ◊ **де́ло -** ~ квешаб, къадараб иш; **пого́да –** ~ квешаб гьава-бакъ

ДРЯХЛЕ́ТЬ *ж* херлъизе, басралъизе, гвадар лъугьине

ДРЯ́ХЛЫЙ, -ая, -ое хераб, херлъараб, хIал лъугIараб, басралъараб, гвадар лъугьараб; **~ стари́ к** замагвадарлъарав херав

ДУБ *м* микк ◊ **дать ~а** *прост.* хвезе

ДУБА́СИТЬ *несов. прост.* 1) *кого* (*бить*) вухизе, чухIизе; ~ **дург дру́га** цоцаца чухIизе 2) *по чему-л.* кIутIизе, бухизе; ~ **в дверь** нуцIа бухизе, нуцIида кIутIизе

ДУБИ́ ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое дабагъ лъугьунеб; **~ое вещество́** дабагъ лъугьунеб жо (тIом, къехь лъугьинабулеб жо)

ДУБИ́ ЛЬНЯ *ж* дабагъхана, дабагъ гьабулеб бакI

ДУБИ́ ЛЬЩИК *м* дабагъчи, дабагъ гьабулев чи

ДУБИ́ НА *ж* 1) хьварс, гIарчI 2) *перен. бран.* (*о тупом человеке*) гIарчIмахIав чи, хьварс

ДУБИ́ НКА *ж* тIил, бицатаб гIанса

ДУБИ́ ТЕЛЬ *м* дабагъ лъугьинабулеб жо

ДУБИ́ ТЬ *несов. что* дабагъ гьабизе (лъугьинабизе)

ДУБЛЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **дуби́ ть**) дабагъ гьаби (лъугьинаби)

ДУБЛЁН//ЫЙ, -ая, -ое дабагъ гьабураб; **~ая ко́жа** дабагъ гьабураб (лъугьинабураб) тIом; **~ая шу́ба** дабагъ гьабураб тIимугъ (лъугьинабураб къохьол тIимугъ, хъабарча)

ДУБЛЁНКА *ж лъугьараб къохьол гьабураб* тIимугъ, хъабарча

ДУБЛЁР *м* дублер (I *театр. цого роль хIалев кIиабилев актер;* 2 *кинофильмалда роль хIалев артистасул бакIалда цо-цо бутIаби хIалев чи;* 3 *цогиялда релъараб ялъуни гьединабго хIалтIи гьабулеб предприятие*)

ДУБЛЕ́Т *м* дублет (I *сундулниги кIиабилев экземпляр;* 2 *охот. кIиябго хIараялъ цадахъ цо гIужда речIчIи*)

ДУБЛИКА́Т *м* дубликат (*цощинаб жояльул копия, кIиабилев экземпляр*)

ДУБЛИ́РОВАТЬ *несов. кого-что* 1) цогиялда релъараб, гьединабго хIалтIи гьабизе; ~ **рабо́ту друго́го заво́да** батIияб заводалъулалда релъараб хIалтIи гьабизе 2) кинофильм цоги мацIалде бussинабизе

ДУБНЯ́ К *м* миккирохь

ДУБО́В//ЫЙ, -ая, -ое 1) миккил(аб); **~ый лес** миккирохь 2) *перен.* (*грубый, неуклюжий*) хъачIаб, хIосмахIаб, бакIаб; **~ый язы́к** хъачIаб мацI; **~ая голова́** гIабдал

ДУГ//А́ *ж* кIамури (*хамуталда тIасан бугеб гьетIизабураб гIералъул кIамури*); сверии́ (*кIамури гIадин сверараб*) ◊ **бро́ви ~о́й** кIамури гIадал кьунсрул

ДУГООБРА́ЗНЫЙ, -ая, -ое газаргъодул формаялъул(аб)

ДУДЕ́ТЬ *несов.* пузе *(щвантIих, зурма);* ~ **в ду́дку** щвантIих пузе 2) *перен.* цого жо гIемер бицине

ДУ́ ДК//А *ж* щвантIих, зурма ◊ **пляса́ть** *под чью-л* **~у** *лъилниги* зурмихъе кьурдизе, чияца абуралъухъ гIенеккун, хIалтIизе

ДУ́ ЖКА *ж* 1) *уменьш. от* **дуга́** 2) (*ручка*) бутI (*масала, хьагил*); **ведёрная** ~ ведроялъул бутI (гIоркь) 3) (*кость птицы*) хIанчIил мегьедалъул ракьа

ДУ́ ЛО *с* (*тункIил, танчил, гIарадаялъул*) хIарадул кIал

ДУ́ М//А *ж* 1) (*мысль*) пикру; **найти́ ~у** пикру батизе; **го́рькие ~ы** кьогIал пикраби 2) **госуда́рственная ~а** пачалихъалъулаб (пачалихъияб) дума

ДУ́ МА//ТЬ *несов.* 1) *о ком-чем, над чем и без доп.* (*размышлять*) ургъизе, пикру гьабизе; **не до́лго ~я** гIемер мехалъ ургъичIого 2) (*полагать*) ракIалде ккезе; **~ю, что он ско́ро вернётся** ракIалде ккола гьев хехго вуссинилан; **ты так ~ешь?** дуда гьединищ ракIалде кколеб? 3) *с неопр.* (*намереваться*) ракIалда букIине; **он ~ет уе́хать** гьесда ине ракIалда буго ◊ **и ~ть не смей!** ракIалдецин ккоге! **и ~ть забу́дь** пикруцин гьабуге; **тут не́чего ~ть** гьаниб ургъизе жо гьечIо; **мно́го о себе́ ~ть** чIухIизе; **я ду́маю!** (*разуемеется*) дида ккола! (дида бичIчIула!)

ДУ́ МА//ТЬСЯ *несов. безл.* 1) *кому* ургъизе, пикру гьабизе, ккезе (ракIалде); **мне ~ется, так бу́дет лу́чше** дида ккола гьадин лъикI букIинилан 2) (*состояние*) пикру бачIине; **в доро́ге хорошо́ ~ется** сапаралда лъикIал пикраби рачIуна, пикру гьабун бажарула

ДУНОВЕ́НИЕ *с* пуй; ~ **ве́тра** гьури пуй

ДУ́ НУТЬ *однокр. к* **дуть**

ДУПЛИ́СТ//ЫЙ, -ая, -ое гьодрахараб; **~ое де́рево** гьодрахараб, гьодораби ругеб гъветI

ДУПЛО́ *с* гьодори; ~ **де́рева** гъотIол гьодори

ДУ́ РА *ж* гIабдал, ахIмакъ (*чIужугIадан*)

ДУРА́К *м* 1) гIабдал, ахIмакъ 2) *карт. кагътазул хIаялъулъ* гIабдал (*къурав*); ◊ **нашли́ ~а́** гIабдал ватун вуго азда; гьедигIан гIантав гьечIевха дун; гуккиларев нужеца дун; оста́ться **в ~ах** кагътал хIан, къезе (гIабдаллъун хутIизе); **~а́м зако́н не пи́сан** *погов.* гIабдалас бокьараб гьабизе бегьула (гIабдаласе закон букIунаро)

ДУРАЛЕ́Й *м прост.* гIабдал, ахIмакъ

ДУРА́ЦКИЙ, -ая, -ое ахIмакъаб; **что за ~ смех** гьаб щиб ахIмакъаб релъи

ДУРА́ЧЕСТВ//О *с разг.* ахIмакълъи; **брось свои́ ~а!** гIабдаллъи (ахIмакълъи) жибго те!

ДУРА́ЧИТЬ *несов. кого разг.* гуккизе, гIабдаллъун хIазе, махсараде кквезе; **они́ его́ дура́чат, а он не понима́ет** доз гьев махсараде кколев вуго, амма гьесда бичIчIулеб гьечIо

ДУРА́ЧИТЬСЯ *несов. разг.* гьаглъизе, гIантал жал гьаризе; **он весь день дура́чился** гьев тIубараб къоялъ гогьдарана

ДУРАЧО́К *м* 1) *уменьш. от* **дура́к;** 2) *разг.* (*дефективный*) камурав

ДУРА́ШЛИВЫЙ, -ая, -ое гIадалаб, ахIмакъаб

ДУ́ РЕНЬ *м прост.* ахIмакъ, гIабдал

ДУРЕ́ТЬ *несов. разг.* ахIмакълъизе, гьаглъизе

ДУРИ́ТЬ *несов. разг.* 1) (*озорничать*) гогьдаризе, гIадалал жал гьаризе 2) (*упрямиться*) мекълъизе; **ло́шадь дури́т** чу мекълъулеб буго ◊ ~ **го́лову** *кому-л. лъилниги* бетIер сверизабизе; мекъи ккезавизе

ДУРМА́Н *м* I *бот*, туйилищ (*кIотинарулеб хер*); 2 *перен.* кIотинарулеб, мехтизарулеб, гIадхазарулеб жо

ДУРМА́НИТЬ *несов. кого-что* мехтизавизе, гIадхазавизе, кIотинавизе

ДУРНЕ́ТЬ *несов.* сурукълъизе

ДУ́ РНО 1) *нареч.* квеш; ~ **пахне́т** квешаб махI буго 2) *в знач. сказ. безл.* лъавудаса ине, гIадхазе; **ей ста́ло** ~ гьей лъавудаса ана, гьей квеш лъугьана

ДУРН//О́Й, -ая, -ое 1) (*плохой*) квешаб, къадараб; **~о́й за́пах** квешаб махI; **~о́й хара́ктер** квешаб гIамал; **~а́я привы́чка** квешаб гIамал; **~а́я сла́ва** квешаб машгьурлъи 2) (*некрасивый*) сурукъаб; **она́ ~а́ собо́й** дой сурукъай йиго ◊ **~о́й глаз** квешаб бер

ДУРНОТА́ *ж разг.* квеш лъугьин, лъавудаса ин, лъикI гьечIого, лъугьин

ДУРНУ́ ШКА *ж* сурукъай

ДУ́РОСТЬ *ж разг.* гIадаллъи, ахIмакълъи; **пока́зывать свою́ ~** жиндирго гIадаллъи (ахIмакълъи) бихьизабизе

ДУ́ РОЧКА *ж уменьш. от* **ду́ра**

ДУРШЛА́Г *м* цIцIура

ДУРЬ *ж разг.* гIадаллъи, ахIмакълъи; ◊ **вы́бить ~ из головы́** рекIеде вачIинавизе, цIодор гьавизе

ДУ́Т//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*полый, пустой внутри*) гьодораб; **~ые се́рьги** жаниса гьодорал кIилкIал 2) *перен.* (*преувеличенный*) кIодо гьабун бихьизабураб; **~ые ци́фры отчёта** отчеталъул кIодо гьарун рихьизарурал тарихал; **~ая сла́ва** кIодо гьабураб рецц-бакъ

ДУТЬ *несов.* 1) (*о ветре*) пузе; **ду́ет си́ льный ве́тер** кутакаб гьури пулеб буго 2) пузе (*сунденги тIаде*); ~ **на горя́чий чай** бухIараб чаялда тIаде пузе ◊ **он и в ус не ду́ет** сундулго агъаз гьабуларо гьес, сундулго ургъел гьабуларо гьес

ДУТЬЁ *с тех.* (*подача воздуха*) понцIой; (*изготовление*); ~ **стекля́ нной посу́ды** понцIон цIорол цIарагI гьаби

ДУ́ ТЬСЯ *несов. на кого* барщизе, ракI хун лъугьине, рази гьечIого вукIине, понцIон вукIине

ДУХ *м* 1) рухI; гIакълу; **в здоро́вом те́ле здоро́вый** ~ *посл.* сахлъи бугеб чорхолъ гIакълуги лъикIаб (кIудияб) букIуна 2) (*моральное состояние*) рухIияб рахъ; **подъём ~а** рекIел хIал лъикI букIин; **не па́дать ~ом** гIодов чIвангутIизе 3) *рел.* жен: **злой** ~ жен 4) *филос.* рухI, гIакълу 5) (дыхание) хIухьел; **перевести́** ~ хIухьел цIазе 6) *прост.* (*запах*) махI; **сы́ рный** ~ хIанил махI ◊ **одни́м ~ом** циндаго; **во весь** ~ бугеб рухIалъ; ~ **вон** хвана; **вы́ -шибить** ~ чIвазе; **хвата́ет ду́ху** бихьинчилъи гIола; **не в ду́хе** ракI гьечIого вукIине; **па́дать** ~ гIодов чIвазе, хьул къотIизе

ДУХ//И́ *мн.* духи (махI берцинаб лъим); **флако́н ~ов** духабазул (махI берцинаб лъел) шиша

ДУХОВЕ́НСТВО *с собир.* рухIаниял, диниял бутIрул; **мусульма́нское** ~ бусурбабазул рухIаниял, диниял бутIрул

ДУХО́ВКА *ж* печалъул кор

ДУХО́ВН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*умственный*) рухIияб; рекIелаб; **~ый интере́с** рухIияб интерес 2) (*церковный*) рухIанияб; **~ый челове́к** рухIаниял (чи) ◊ **~ое завеща́ние** хвалда цебесеб васигат

ДУХОВ//О́Й, -ая, -ое пун бачунеб (*чIваби гьечIеб*); **~о́й орке́стр** пулел музыкалиял алатазул оркестр ◊ **~а́я печь** кор бугеб печь

ДУХОТ//А́ *ж* лагьи; **в тако́й ~е́ сиде́ть тру́дно** гьадинаб лагьиялда гIодов чIезе захIмат буго

ДУШ *м* душ; **горя́ чий** ~ бухIараб (лъадал) душ

ДУШ//А́ *ж* 1) *рел.* рухI; **~а́ и те́ло** рухI ва черх 2) (*внутренний мир*) рухIияб рахъ; ракI; **изли́ть ~у** *кому-л.* рекIел асарал лъиениги загьир гьаризе 3) (*единица населения*) рухI, чи; **в семье́ пять душ** хъизамалда щуго чи (рух1) вуго 4) (*свойства характера*) рекIел хIал, чиясул гIамал-хасият; **челове́к с откры́той ~о́й** ракI рагьарав чи ◊ **бума́жная ~а́** бюрократ, иш хадуб бехъерхъизабулев чи; **всей ~о́й, все́ми фи́брами ~и́** бугеб рухIалъ, цIакъ кутакалда; **от всей ~и́** ракI-ракIалъ; **жить ~а́ в ~у** рекъон, ракIал журан рукIине; **отвести́ ~у** ургъел бикьизе, ракI чучизе; **~а́ боли́ т** ракI унтула; **ско́лько ~е́ угодно** кигIан бокьаниги, рекIее бокьарабгIан; **мне э́то не по ~е́** дие гьеб рекIее гIоларо; **игра́ть с ~о́й** ракI-ракIалъ хIазе; **~а́ ра́дуется** ракI бохула; **~а́ в пя́тки ушла́** кутакалда хIинкъана; **как ~е́ уго́дно** рекIее бокьухъе; **за́ячья ~а́** хIинкъарав, цIуяв чи; **по ~а́м** ракI бацIцIадго, рагьун, щибго балъго гьабичIого; **~а́ рвётся на ча́сти** ракI бихъулеб буго; **по ~е́** а) рекIее гIола, данде ккола б) ракI-ракIалъ, ракI бацIцIадго; **~а́ нараспа́шку** ракI рагьарав чи; **положи́ ть ~у** *за кого-что лъиениги-сундуениги гIоло* гIумру кьезе; **отда́ть богу́ ~у** хвезе; **влезть в ~у** рекIелъе лъугьине **~а́ не лежи́ т** *к кому-чему-л.* гьира гьечIо, бокьулеб гьечIо, ракI билъалъунеб гьечIо (*щибниги гьабизе*); **~а́ не принима́ет** бокьулеб гьечIо, ракIалъ къабул гьабулеб гьечIо

ДУШЕ́ВНО *нареч. разг.* ракI бацIцIадго, ракI-ракIалъ; ~ **рад** ракI-ракIалъ вохарав вуго

ДУШЕВНОБОЛЬНА́Я *ж* рекIел гIадлу биххарай гIадан

ДУШЕВНОБОЛЬНО́Й *м* рекIел гIадлу биххарав чи

ДУШЕ́ВН//ЫЙ, -ая, -ое 1) рухIияб; **~ая трево́га** рухIияб рахIатхвей 2) (*искренний*) ракI бацIцIадав; **~ый челове́к** ракI бацIцIадав чи ◊ **~ые боле́зни** гIакълу бикьакълъиялъул унтаби

ДУШЕВ//О́Й, -áя, -óе 1) душалъул; **~а́я ко́мната** душалъул рукъ 2) *в знач. сущ. ж* **~а́я** душ; **мы́ ться в ~о́й** душалъукь чвердезе

ДУШЕГРЕ́ЙКА *ж разг. устар.* хинаб кофта, къвалгьечI

ДУШЕГУ́ Б *м разг.* чIвадарухъан, бидулав

ДУШЕГУ́ БКА *ж* душегубка (*жаниреги гъун, газалъ гIадамал гIанкъулеб автомашина*)

ДУ́ШЕНЬКА *ж см.* **ду́шечка**

ДУШЕРАЗДИРА́ЮЩИЙ, -ая, -ое ракI биинабулеб, унтизабулеб; ~ **крик** ракI унтизабулеб (зунизабулеб) гIасияб гьаракь

ДУ́ШЕЧКА *ж разг.* 1) берцинай 2) хирияй (*реэдун абулеб*)

ДУШИ́СТ//ЫЙ, -ая, -ое махI берцинаб; **~ые цветы́** махI берцинал тIугьдул

ДУШИ́ ТЬ[1] *несов.* 1) *кого* (*убивать*) гъанкъизе (*гъанкъун хвезавизе*) 2) *кого* (*стеснять дыхание*) гъанкъизавизе; **меня́ ду́шит ка́шель** дун хIалцаца гъанкъулев вуго 3) *кого-что перен.* (*угнетать, притеснять*) гIазаб-гIакъуба кьезе, зулму гьабизе ◊ ~ **в объя́тиях** къвал бан, данде къазе, гъанкъиледухъ къвал базе

ДУШИ́ТЬ[2] *несов. кого-что* (*духами*) махI берцинаб лъим пунхъизе, щвазе

ДУШИ́ТЬСЯ *несов.* 1) гъанкъизе (*жинцаго живго*) 2) *чем* (*духами*) берцинаб махI бахъинабизе (*жиндасаго*)

ДУ́ ШНО *в знач. сказ. безл.* лагьун буго; **в ко́мнате** ~ рокъоб лагьун буго

ДУ́ ШНЫЙ, -ая, -ое лагьараб; ~ **во́здух** лагьараб гьава

ДУШ//О́К *м разг.* махI; **ры́ ба с ~о́м** махI бахъараб ччугIа

ДУ́ЭЛЬ *ж уст.* дуэль, танчид, хвалчад рахъин, дандеса данде рагъде лъугьин

ДУЭЛЯ́ НТ *м* дуэлалъ вахъарав чи

ДУЭ́Т *м* дуэт (I *муз. – кIиго инструменталъе ялъуни кIиго гьаракьалъе хъвараб музыкалияб асар;* 2 *кIигояс цадахъ бакъан бачин, ахIи*)

ДУ́ Ю(СЬ), ду́ешь(ся) *и. т. д. наст. от* **ду́ть(ся)**

ДЫ́ БИТЬСЯ *несов.* квачIида бахъине, эхетизе

ДЫ́ БОМ *нареч.* хучун; **у меня́ во́лосы ды́ бом вста́ли** дир кар хучун бахъун чIана

ДЫБЫ́ : встать на ~ а) (*о лошади*) квачIид бахъине б) *перен. прост.* данде чIезе (*лъида бугониги*)

ДЫ́ЛДА *м, ж разг.* халатаб черхалъул чи, чIалгIадехалат, хьвархьвач

ДЫМ *м* кIкIуй ◊ **у них в до́ме** ~ **коромы́ слом** дозул рокъоб гъалмагъир буго; **нет ~а без огня́** *погов.* цIа гьечIого, кIкIуй букIунареб (*кици*); (гьури чIвачIого, гIучI багъаруларе6)

ДЫМИ́ //ТЬ *несов.* кIкIуйтIачине, кIкIуй биччазе, бачIине; **печь ~ит** печь кIкIуйтIачунеб буго, печалъ кIкIуй рехулеб буго

ДЫМИ́ //ТЬСЯ *несов.* жиндасанго ккуй бачIине; цIа рекIинчIого, бухIизе

ДЫ́ МКА *ж* 1) накIкIи́ л пардав; **густа́я** ~ **тума́на** накIкIил бицатаб пардав 2) *устар.* тIадагьаб тIеренаб ххам

ДЫ́МН//ЫЙ, -ая, -ое кIкIуй бугеб, кIкIуйдул цIураб; **~ая ко́мната** кIкIуйдул цIураб рукъ; **~ый по́рох** кIкIуй бахъунеб туманкIул хер

ДЫМОВ//О́Й, -ая, -ое кIкIуйдул(аб); **~а́я труба́** кIкIуйтIала

ДЫМО́К *м* дагьабго кIкIуй, лъедераб, тIадагьаб кIкIуй

ДЫМОХО́Д *м* кIкIуйтIала (кIкIуйдул тIала)

ДЫ́ МЧАТЫЙ, -ая, -ое кIкIуйдул кьераб

ДЫ́ НЯ *ж* пастIан

ДЫР//А́ *ж* 1) каратI 2) *перен. разг.* (*захолустье*) тохаб, рехун тараб бакI 3) гIунгутIи, ками, мукъсанлъи ◊ **заткну́ть ~у́** гIунгутIи тIагIинабизе

ДЫ́ РКА *ж* гьитIинаб каратI

ДЫРОКО́Л *м* дырокол (*кагътида картIал рахъулеб алат*)

ДЫРЯ́ В//ЫЙ, -ая, -ое картIахараб; **~ый карма́н** багь-багьараб чванта ◊ **~ая голова́** кинабго ракIалдаса унев (кIочон толев) чи

ДЫХА́НИЕ *с* 1) хIухьел; **затаи́ ть** ~ хIухьел кквезе 2) *перен. поэт.* гьури (*тIаде щвей*); ~ **весны́** ихдалил гьури ◊ **второ́е** ~ рухI речIчIи (*цIидасан*)

ДЫХА́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое хIухьел биччаялъул(аб); **~ые о́рганы** *анат.* хIухьел биччаялъул(ал) лугбал

ДЫХНУ́ТЬ *сов.* гьохьизе, къватIибе хIухьел биччазе ◊ **не дать** ~ гьукъизе, биччангутIизе

ДЫША́ ТЬ *несов. чем и без доп.* хIухьел цIазе; ~ **но́сом** магIазухъан хIухьел цIазе; **тяжело́** ~ хIалица, захIмат(го) хIухьел цIазе ◊ ~ **на ла́дан** хвезе; **он е́ле ды́ шит** дов холев вуго

ДЫША́ТЬСЯ *несов. кому безл.*: **здесь легко́ ды́шится** гьаниб хIухьел цIазе бигьаяб буго

ДЫ́ ШЛО *с* чол гьакил нуси (бакъулъгIер)

ДЬЯ́ ВОЛ *м* шайтIан, илбис

ДЬЯ́ВОЛЬСКИ *нареч.* 1) кутакалда, цIакъ; **я** ~ **уста́л** дун цIакъ свакана; ~ **хо́чется спать** кутакалда кьижизе бокьун буго 2) сихIирго; ~ **улыбну́ться** сихIирго гьимизе

ДЬЯ́ВОЛЬСК//ИЙ -ая, -ое 1) (*сильный*) кутакаб; **~ий моро́з** кутакаб цIорой 2) *перен.* (*тяжелый*) захIматаб, бакIаб; **~ая рабо́та** цIакъ захIматаб хIалтIи

ДЬЯ́ КОН *м церк.* дьякон (*христианазул будун, авалмалла*)

ДЮ́ ЖИЙ, -ая, -ее *прост.* (*крупного телосложения*) кутакав, гучав, залимав, щват бугев; ~ **па́рень** залимав гIолохъанчи

ДЮ́ЖИНА *ж* дюжина (*сундулниги анцIила кIиго къадар*); ~ **платко́в** анцIила кIиго шал ◊ **чёртова** ~ анцIила лъабго

ДЮЙМ *м* дюйм (*2,54 см*)

ДЮЙМО́В//ЫЙ, -ая, -ое жиндир бицалъи дюйм бугеб; **~ая доскá** дюйм бицалъи бугеб хъарци

ДЮ́ Н//Ы *мн.* (*ед.* **~а** *ж*) салул гохIал

ДЮРАЛЮМИ́ НИЕВ//ЫЙ, -ая, -ое дюралюминиялъул; **~ые тру́бы** дюралюминиялъул трубаби (турбаби)

ДЮРАЛЮМИ́ НИЙ *м* дюралюминий

ДЯ́ ДЬКА, ДЯ́ ДЯ *м* имгIал

ДЯ́ ТЕЛ *м зоол.* кIватI-кIватI, гъотIоркIо

Е

ЕВА́НГЕЛИЕ *с* инжил (*христиан диналъул аслияб тIехь*)

ЕВА́НГЕЛЬСКИЙ, -ая, -ое инжилалъул, инжилалъулаб

Е́ВНУХ *м* ахта, сверарав чи, рослъун ярагъунарев чи

ЕВРЕ́И *мн.* жугьутIал

ЕВРЕ́Й *м* жугьутIав

ЕВРЕ́ЙКА *ж* жугьутIай

ЕВРЕ́ЙСКИЙ, -ая, -ое жугьутIазул; **~ язы́ к** жугьутI мацI

ЕВРОПЕ́ЕЦ *м* европаялъулав

ЕВРОПЕИЗИ́ РОВАТЬ *сов. и несов. кого-что* европаялъулаблъун лъугьинабизе

ЕВРОПЕИЗИ́ РОВАТЬСЯ *сов. и несов.* европаялъулаблъун лъугьине

ЕВРОПЕ́ЙКА *ж* европаялъулай

ЕВРОПЕ́ЙСК//ИЙ, -ая, -ое европаялъулаб; **~ая часть России** Россиялъул европаялъулаб бутIа

Е́ГЕРСК//ИЙ, -ая, -ое 1) *уст.* егеразул; **~ий полк** егеразул полк 2) егеразул; **~ая охо́та** егеразул чан гьаби

Е́ГЕРЬ *м* 1) *охот.* егерь, чанахъанлъиялъул махщалилав 2) *уст. воен.* егерь (*цебе – кьвагьдохъабазул хасаб полкалъул солдат*)

ЕГИ́ ПЕТСК//ИЙ, -ая, -ое египеталъулаб, мисриялъулаб; **~ий хло́пок** египеталъулаб (Египеталул) квасквас ◊ **тьма ~ая** тIубараб бецIлъи, щибниги гъорлъан бихьулареб бецIлъи

ЕГИПТЯ́НЕ *мн.* мисриял, египеталъулал

ЕГИПТЯ́ НИН *м* мисрияв, египеталъулав

ЕГИПТЯ́ НКА *ж* мисрияй, египеталъулай

ЕГО́ 1) *мест. личн. род., вин. п. от* **он** *и* **оно** 2) *притяж.* гьесул, досул, гъосул, лъосул; **э́ то ~ кни́ га** гьеб досул тIехь буго; **по ~ мне́нию** досул пикруялда (рекъон)

ЕГОЗА́ *м, ж разг.* чIезе къадар лъугIарав чи; сабругьечI; зенеро

ЕДА́ *ж* **1.** (*по гл.* **есть**[1] кванай; **пе́ред едо́й** кванда цебе; **по́сле еды́** кванда хадуб **2.** (*пища*) квен; **вку́сная ~** тIагIамаб квен; **~ и питьё** квана-гьекъезе жо, квен-къел, квенги гьекъезе жоги

ЕДВА́ 1. *нареч.* 1) (*с трудом, насилу*) хIалица; **он ~ дошёл до́ дому** дов хIалица вачIана (щвана) рокъове 2) (*чуть*) дагьалъ; **он ~ не упа́л** дов гIодов ккезе дагьалъ хутIана 3) (*только что*) гьанжего гьанже; **ему́ ~ испо́лнился год** гьанжего гьанже лъагIел бана дос **2.** *союз* (*как только*) -го; **~ они́ вы́ехали со двора́, поли́л дождь** дол азбаралъуса къватIире лъугьаралго, цIад бана ◊ **~ ли он придёт ско́ро** хекко вачIинадайха дов

ЕДИ́ М, ЕДИ́ТЕ *и т. д. от* **есть**[1]

ЕДИНЕ́НИЕ *с* (*сплоченность*) цолъи; **~ па́ртии и наро́да** партиялъулги халкъалъулги цолъи

ЕДИНИ́ Ц//А *ж* 1) (*цифра, школьная отметка*) цойилаб, цо; **учени́ к получи́ л ~у по арифме́тике** цIалдохъанасе арифметикаялъе (хIисабалъе) цойилаб щвана 2) (*величина*) кIодолъи; **~а измере́ния** роцадул кIодолъи 3) *мн.* **~ы** *мат.* (*разряд*) цойилал 4) *мн.* **~ы** (*немногие*) цо-цоял, цо чангоял ◊ **шта́тная ~а** цо хъулухъ, цо хIалтIи

ЕДИНИ́ ЧНЫЙ, -ая, -ое цохIого цо (*лъугьараб, гьабураб, букIараб ва гь. ц.*); янгъизаб, къанагIатаб; **~ приме́р** цохIого цо бугеб мисал; **~ слу́чай** къанагIатаб лъугьа-бахъин (*ккараб жо*)

ЕДИНОБО́РСТВО *с* кIигоял цоцалъ рагъи, дандеса данде къеркьезе лъугьин

ЕДИНОВЛА́СТИЕ *с* цо хIаким вукIин, хIукумат цо чиясул ихтияралда букIин, цо чиясулаб хIакимлъи

ЕДИНОВЛА́СТНЫЙ, -ая, ое цIохIо чиясул кверщаликь бугеб, кинабго ихтияр жиндихъ бугеб; **~ прави́ тель** кинабго ихтияр жиндихъ бугев хIаким, бетIер

ЕДИНОВРЕ́МЕННО *нареч.* цого заманалда

ЕДИНОВРЕ́МЕНН//ЫЙ, -ая, -ое цого заманаялъул; **~ое посо́бие** цого заманаялъул пособие; цохIо нухалъ, циндаго гьабулеб

ЕДИНОГЛА́СНО *нареч.* киналго разилъун; **собра́ние ~ при́ няло реше́ние** данделъиялъ, киналго разилъун, хIукму гьабуна

ЕДИНОГЛА́СН//ЫЙ, -ая, -ое киналго разияб; **~ое реше́ние** киналго разияб хIукму

ЕДИНОДУ́ ШИЕ *с* цого пикру букIин; **~ наро́дов в борьбе́ за мир** ракълие гIоло къеркьеялъулъ халкъазул цого пикру букIин

ЕДИНОДУ́ ШНО *нареч.* цо пикру букIин загьир гьабун; **все ~ согласи́ лись** киназго цо пикру букIин загьир гьабуна, разилъана

ЕДИНОДУ́ ШН//ЫЙ, -ая, -ая цого пикру букIин загьир гьабураб; **~ое реше́ние** цого пикру букIин загьир гьабураб хIукму

ЕДИНОКРО́ВН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*от одного отца*) эмен цояв, эбел батIияв; **~ые бра́тья** эмен цоял, эбел батIиял вацал 2) (*связанный общностью происхождения*) цо къавмалъул, цо тухум-кьибилалъул (*чи*)

ЕДИНОЛИ́ЧНИК *м* янгъизав, живго жиндаго чIун, магIишат гьабулев векьарухъан

ЕДИНОЛИ́ ЧНИЦА *ж* янгъизай екьарухъан

ЕДИНОЛИ́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое 1) янгъизаб, цо чиясул; **~ое реше́ние** цо чиясул хIукму 2) (*частный*) янгъизаб, живго жиндаго чIараб; **~ое хозя́ йство** жибго жиндаго чIараб магIишат

ЕДИНОМЫ́ СЛИЕ *с* цого пикру букIин, пикру данде ккей

ЕДИНОМЫ́ШЛЕННИК *м* 1) цого пикруялъул, пикру данде ккарав, гIакълу рекъарав чи 2) (*сообщник*) цадахъчи, гIахьалчи

ЕДИНОНАЧА́ЛИ//Е *с* цохIо чияс бетIерлъи, цебехъанлъи гьаби; цоясул хIакимлъи

ЕДИНООБРА́ЗИЕ *с* цого къагIидаялъ гIуцIараб букIин; сипат, тайпа, жинс цогояб букIин, релълъенлъи букIин; **~ в оде́жде** ратIлилъ релълъенлъи букIин

ЕДИНООБРА́ЗНО *нареч.* цого къагIидаялъ, релълъун

ЕДИНООБРА́ЗН//ЫЙ, -ая, -ое релълъараб, цого къагIидаялъулаб; **~ая систе́ма управле́ния** нухмалъи гьабиялъул цого къагIидаялъулаб система

ЕДИНОПЛЕМЕ́ННИК *м* тухум цояв, миллат цояв

ЕДИНОПЛЕМЕ́ННЫЙ, -ая, -ое цого тухумалъул, цого миллаталъул

ЕДИНОУТРО́БН//ЫЙ, -ая, -ое *уст.* тIул бикьарав: **~ые бра́тья** тIул бикьарал вацал (*эбел цадахъал вацал*)

ЕДИ́НСТВЕННО 1) *нареч.* цохIого цо; **~ возмо́жный спо́соб** цохIого цо бегьулеб къагIида 2) *в знач. частицы* (*исключительно*) цохIо, гIицIго; **он прие́хал ~ зате́м, что́бы повида́ть вас** гIицIго нуж рихьизе гIоло вачIана дов; **~ , что я люблю́** цохIо (гьеб буго) дие бокьулеб жо; **~ , куда́ он хо́дит** гIицIго (гьеб буго) дов унеб бакI

ЕДИ́НСТВЕНН//ЫЙ, -ая, -ое 1) цIохIо бугеб; **~ый сын** цохIо вугев вас 2) *мн.* **~ые** цохIо ругел; **мои́ ~ые де́ти** дир цIохIо ругел лъимал 3) (*выдающийся*) цIакъаб, тIокIаб; **~ый в своём ро́де** цогидазда гъорлъ бищунго лъикIаб, жинде щвараб цоги гьечIеб ◊ **~ое число́** *лингв.* цолъул форма

ЕДИ́ НСТВО *с* 1) (*общность*) цолъи́ , цокIаллъи; **~ интере́сов** пикру-мурадалъул цIокIаллъи 2) (*цельность*) цолъи; **~ партии** партиялъул цолъи 3) (*неразрывность связи*) цоцада бухьараб букIин, бухьеналъул тIей гьечIолъи

ЕДИ́Н//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*один*) цIохIониги, цониги; **ни ~ым сло́вом не обмо́лвилась** (*долъ*) цIохIониги рагIи абичIо; **без ~ой оши́ бки** цониги гъалатI гьечIого 2) (*цельный*) цогояб; **~ый фронт** цогояб фронт; **~ый хозя́йственный план** магIишаталъул цогояб план; ◊ **все до ~ого** цо хутIичIого

Е́ДК//ИЙ, -ая, -ое 1) (*разъедающий*) биинабулеб, туризабулеб, кваналеб, бухIизабулеб; **~ая кислота́** бухIизабулеб кислота 2) (*раздражающий – о дыме и т. п.*) кьогIаб, щекъер-мукъулукъ бухIизабулеб; **~ий дым** щекъер-мукъулукъ бухIизабулеб кIкIуй 3) *перен.* кьогIаб, рекIелъ рекъоларе6; **~ое замеча́ние** рекIелъ рекъоларе6 бадибчIвай

Е́ДКО *нареч.* 1) (*раздражающе*) кьогIго, бухIиледухъ 2) *перен.* рекIелъ рекъоларедухъ, кьогIго

Е́ДКОСТЬ *ж* 1) бухIизаби, туризаби, биинаби 2) *перен.* (*язвительность, колкость*) бухIулеб рагIи, кьогIаб рагIи, рекIеда хIунсулеб рагIи

ЕДО́К *м* 1) (*один человек*) цо чи (*кванда хурхун абула*), рухI 2) (*член семьи*) хъизаналъул цо чи, цо хIарччинисан кваналев чи 3) *разг.* (*любитель поесть*) чохьок, чехьквеш

Е́ДУ, Е́ДЕШЬ *и т. д. наст. от* **е́хать**

Е́ДЧЕ *сравн. ст. к* **е́дкий, е́дко**

ЕЁ 1) *мест. личн. род., вин. п. от* **она́** 2) *притяж.* гьелъул, долъул, гъолъул, лъолъул; **~ ве́щи** долъул къайи; **~ де́ти** долъул лъимал

ЁЖ *м зоол.* гIужрукъ; **морско́й ~** ралъдал гIужрукъ

ЕЖЕВИ́ КА *ж* (*кустарник, ягода*) гIодокари, чIабтIи

ЕЖЕВИ́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое гIодокаридул; **~ый куст** гIодокаридул (чIабтIиялъул) хъарахъ (хьуй); **~ое варе́нье** гIодокаридул мурапа

ЕЖЕГО́ДНИК *м* ежегодник (*лъагIалида жаниб цо биччалеб тIехь*)

ЕЖЕГО́ДНО *нареч.* лъагIа-лъагIалие, щибаб соналъ

ЕЖЕГО́ДНЫЙ, -ая, -ое щибаб лъагIалилаб, санайилаб

ЕЖЕДНЕ́ВНО *нареч.* къойил, щибаб къоялъ

ЕЖЕДНЕ́ВН//ЫЙ, -ая, -ое щибаб къоялъ букIунеб, бахъулеб, гьабулеб *ва гь. ц.*; **~ые заня́тия** щибаб къоялъ рукIунел занятиял; **~ая газе́та** щибаб къоялъ бахъулеб газета

Е́ЖЕЛИ *союз. уст. см.* **е́сли**

ЕЖЕМЕ́СЯЧНИК *м* ежемесячник (*цо моцIилаб журнал*)

ЕЖЕМЕ́СЯЧНО *нареч.* моцIи-моцIие, щибаб моцIалъ

ЕЖЕМЕ́СЯЧНЫЙ, -ая, -ое щибаб моцIалъ букIунеб, бахъулеб, гьабулеб *ва гь. ц.*, щибаб моцIилаб

ЕЖЕМИНУ́ ТНО *нареч.* 1) (*непрерывно)* щибаб минуталъ 2) (*постоянно*) нахъаса къотIичIого

ЕЖЕМИНУ́ ТН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*непрерывный*) гьоркьоса къотIи гьечIеб, лъалхъи гьечIеб, щибаб минуталъ букIунеб, лъугьунеб *ва гь. ц.* 2) (*постоянный*) кидагосеб; **~ая опа́сность** кидагосеб хIинкъи

ЕЖЕНЕДЕ́ЛЬНИК *м* еженедельник (*анкьида жаниб цо биччалеб газета*), цо анкьилаб газета

ЕЖЕНЕДЕ́ЛЬНО *нареч.* щибаб анкьалъ, анкьи-анкьие

ЕЖЕНЕДЕ́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое щибаб анкьалъ букIунеб, лъугьунеб, бахъулеб, гьабулеб *ва гь. ц.*, щибаб анкьилаб

ЕЖЕЧА́СНО *нареч.* щибаб сагIаталъ

ЕЖЕЧА́СНЫЙ, -ая, -ое 1) щибаб сагIаталъ букIунеб, лъугьунеб, гьабулеб *ва гь. ц.* 2) (*постоянный*) кидагосеб, гьоркьоса къотIулареб, сагIаталдаса сагIаталде букIунеб, лъугьунеб *ва гь. ц.*

ЁЖИК *м* 1) *уменьш. от* **ёж** 2) (*прическа*) ежик (*гIужрукъил зазал гIадин тараб рас*), хуч-хучараб катIари

ЁЖИТЬСЯ *несов.* 1) вукIкIуркIкIахъдизе, къаркъала данде къазе, вукIкIун чIезе (*квачалдаса хIинкъун*) 2) *перен. разг.* (*стесняться*) вукIкIун чIезе (*нечон*)

ЕЖИ́ ХА *м* цIуяб гIужрукъ, эбелаб гIужрукъ

ЕЖО́В//ЫЙ, -ая, -ое гIужрукъалъул; ◊ **держа́ть в ~ых рукави́ цах** зарукь къан чIезаризе

ЕЗД//А́ 1) (*по гл.* **е́здить**) рекIен; **жить в двух часа́х ~ы от мо́ря** кIиго сагIаталъул рекIадул манзилалъ ралъдадаса рикIкIад яшав гьабизе 2) (*катание*) рекIун хьвади; **верхова́я ~а́** чода рекIун, хьвади; **~а́ на велосипе́де** велосипедалда рекIун, хьвади

Е́ЗДИ//ТЬ *несов.* 1) рекIун ине; **он ~т на рабо́ту на трамва́е** дов хIалтIуде трамваялда рекIун уна 2) (*уметь пользоваться средством передвижения*) бачине лъазе; **он ~т на велосипе́де хорошо́** досда велосипед лъикIго бачине лъала; **~ть верхо́м** чода рекIине (рекIун ине) лъазе

ЕЗДОВ//О́Й, -ая, -ое 1) (*для езды*) рекIадул; **~ые соба́ки** рекIадул гьаби 2) *в знач.. сущ.* **~о́й** *м воен.* ездовой (*аскаралъулаб гьоко бачунев рекIарав*)

ЕЗДО́К *м* 1) (*верховой*) рекIарав 2) (*тот, кто умеет ездить*) чотIахъан, чотIа рекIине махщел бугев чи

Е́ЗЖЕН//ЫЙ, -ая, -ое *разг.* 1) (*приученный*) квегъараб, рекIун хIал бихьараб, рекIаде ругьунаб; **~ая ло́шадь** квегъараб чу 2) (*о дороге*) бокъараб, тIасан гIемер хьвадараб; **~ая доро́га** бокъараб нух

Е́ЗЖУ, Е́ЗДИШЬ *и т. д. наст. от* **е́здить**

ЕЙ *мест. личн. дат., тв. п. от* **она́**

ЕЙ-БО́ГУ *межд. разг.* аллагьасхIа, валлагьи-биллагьи, бичасхIа

Е́КАТЬ *несов. см.* **е́кнуть**

Е́КНУ//ТЬ *однокр.* 1) гьекIизе 2) *разг.* тIуркIизе; **у меня́ се́рдце ~ло** дир ракI тIуркIана

Е́ЛЕ *нареч.* 1) *см.* **едва́[1]; ~ живо́й** сун-сараялда ван хутIун вуго 2) (*с трудом, насилу*) хIалица, хIалил мадаралъ; **я ~ дошёл до до́ма** хIалил мадаралъ щвана дун рокъове ◊ **~-~ душа́ в те́ле** хваразул рухI гIадин вуго (*хIалакълъун*)

ЕЛЕ́Й *м* зайтуналъул нах

ЕЛЕ́ЙНО *нареч.* цIекIго; цIакъго хIеренго; вахьнамахIго

ЕЛЕ́ЙНОСТЬ *ж* цIекIлъи; цIакъго хIеренлъи; вахьнамахIлъи

ЕЛЕ́ЙН//ЫЙ, -ая, -ое 1) *см.* **еле́й** 2) *перен.* (*слащавый в обращении*) цIекIав, цIакъго хIеренаб, вахьнааб; **~ые ре́чи** цIакъго цIекIал кIалъаял; **~ый го́лос** вахьнааб гьаракь

ЁЛК//А *ж* 1) накIкIигъветI 2) (*новогодняя*) ёлка 3) (*праздник*) ёлкаялъул байрам; **быть на ~е** ёлкаялъул байрамалда рукIине

ЕЛО́В//ЫЙ, -ая, -ое накIкIил, накIкIигъутIбузул; **~ый лес** накIкIирохь ◊ **голова́ ~ая** гIабдал

ЕЛО́ЗИТЬ *несов.* рахъ-рахъалде хъурщулаго, ине

ЁЛОК *род. мн. от* **ёлка**

Е́ЛОЧКА *ж* 1) *уменьш. от* **ёлка** I; 2) (*вышивка*): **ёлочкой, в ёлочку** накIкIигъотIол сураталда (*угьин*)

ЁЛОЧН//ЫЙ, -ая, -ое ёлкаялъул; **~ые игру́шки** ёлкаялъул (ёлкаялда ралел) расанкIаби

ЕЛЬ *ж* накIкIигъветI

Е́ЛЬНИК *м* 1) (*лес*) накIкIирохь 2) (*ветки*) накIкIигъотIол гIаркьалаби (*къотIарал*)

ЕМ, ЕШЬ *и т. д. наст. от* **есть[1]**

ЁМКИЙ, -ая, -ое гIатIидаб, гIемер жо жанибе унеб

ЁМКОСТЬ *ж* гIатIилъи, жаниб гьунеб къадар; **~ сосу́да** хъабида жаниб гьунеб къадар; *жанибе щибниги тIолеб* цIарагI (*ведро, къали, цистерна, гьанга, рагI …*)

ЕМУ́ *мест. личн. дат. п. от* **он** *и* **онó**

ЕНО́Т *м зоол.* енот

ЕНО́ТОВЫЙ, -ая, -ое еноталъул, еноталъул цIакил; **~ воротни́к** еноталъул цIакил габур; **~ мех** еноталъул цIоко

ЕПА́РХИЯ *ж церк.* епархия (*архиереясул ихтияралда бугеб чанго килиса, округ*)

ЕПИ́СКОП *м* епископ (*епархиялъе бетIерлъи гьабулев кашиш*)

ЕРАЛА́Ш *м разг.* (*беспорядок*) бадагъудур

Е́РЕСЬ *ж* 1) къосин, мекъаб нухде ин (*диналдаса кьури*) 2) *перен. разг.* (*вздор, чепуха*) хочI, чIанда; **нести́ (говори́ ть) ~** чIанда бицине

ЕРЕ́ТИК *м* къосарав чи

ЕРЕТИ́ ЧКА *ж* къосарай гIадан

ЁРЗАТЬ *несов. разг.* кьуркьудизе, заназдизе, чIезе къадар лъугIараб куцалда вукIине; **~ на сту́ле** бакIида кьуркьудизе

ЕРО́ШИТЬ *несов. что разг.* бигъинабизе, хичизабизе, бихха-хичизабизе (*ботIрол рас*)

ЕРУНД//А́ *ж разг.* 1) (*вздор, чепуха*) пайда гьечIеб хабар, чIанда; **он говори́ т ~у́** дос чIанда хъурулеб буго 2) (*пустяк*) пайда гьечIеб жо, гьадингояб жо, жого гуреб жо

ЕРУНДИ́ТЬ *несов. разг.* 1) чIанда хъуризе, къваригIел гьечIого, гаргадизе, чIалгIаде кIалъазе 2) жого гуреб жо гьабизе, хIажат гьечIеб жо гьабизе

ЕРУНДО́ВЫЙ, -ая, -ое *разг*. гьадингояб, пайда гьечIеб, хIажат гьечIеб, жого гуреб, чIалгIадесеб; **~ вопро́с** хIажат гьечIеб суал

ЕРШ[1] *м* 1) (*рыба*) ерш (*ччугIа*) 2) *чирахъул цIер бацIцIунеб* гургинаб щетка 3) (о волосах) бахъун чIараб рас (*ботIрол*)

ЕРШ[2] *м* (*смесь водки с пивом*) гIаракъиги пивоги жубараб гьекъел

ЕРШИ́СТЫЙ, -ая, -ое *разг*. 1) (*о волосах*) бихха-хичараб, бигъараб (*ботIрол рас*) 2) *перен.* (*задорный*) дагIбадулеб, къацандулеб, щидахунеб; **~ хара́ктер** щидахунеб гIамал-хасият

ЕРШИ́ ТЬСЯ *несов. разг.* 1) (*топорщиться - о шерсти, перьях*) хичизе (*кар-муч, квас, хIули*) 2) *перен.* (*горячиться - о человеке*) щидахине, унти бачIун лъугьине

ЕСАУ́ Л *м* есаул (*хъазахъазул аскаралда капитанасулалда бащадаб чин*)

Е́СЛИ *союз* -ани, -ни; **~ бы он знал, то он э́ того не сде́лал бы** досда лъан букIарабани, дос гьеб гьабилароан; **~ бы он был**

здесь дов гьанив вугевани ◊ **~ бы да кабы** *шутл. разг.* анищазул хурзал рекьани; **~ уж на то пошло́** *в знач. вводн. сл.* иш гьелде ккараб батани

ЕСТ *наст. от.* **есть**[1]

ЕСТЕ́СТВЕННО 1) *нареч.* тIабигIаталда рекъон, букIине кколеб куцалда 2) *вводн. сл.* (*конечно*) гьайгьай, узухъда, лъалеб жо буго; **~, он согласи́ лся** гьайгьай, дов разилъана

ЕСТЕ́СТВЕННОСТЬ *ж* тIабигIияб букIин

ЕСТЕ́СТВЕНН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*относящийся к природе*) тIабигIияб, тIабигIаталъул; **~ые бога́тства** тIабигIаталъул бечелъаби; **~ые нау́ки** тIабигIаталъул гIелмаби 2) (*натуральный*) тIабигIияб; **~ый цвет лица́** гьурмал тIабигIияб кьер 3) (*нормальный*) букIине, лъугьине бегьулеб, гIадатияб; **~ый ход вещ́ей** лъугьине бегьулеб куцалъ иш ккей 4) (*обусловленный законами природы*) тIабигIияб; **~ая смерть** тIабигIияб хвел

ЕСТЕСТВО́ *с* 1) (*сущность*) кьучI, магIна, аслу; **~ вопро́са** суалалъул магIна 2) *уст.* (*природа*) тIабигIат

ЕСТЕСТВОВЕ́Д *м* тIабигIат гIелмуялъул махщалилав, специалист

ЕСТЕСТВОВЕ́ДЕНИЕ *с см.* **естествозна́ние**

ЕСТЕСТВОИСПЫТА́ТЕЛЬ *м* тIабигIаталъул цIех-рех гьабулев чи

ЕСТЬ[1] *несов.* 1) *кого-что* кваназе, квине; **он с утра́ ничего́ не ел** радалалдасаго дос щибниги квинчIо 2) *что* (*разрушать, разъедать*) багьизабизе, бухIизабизе, кваназе; **ржа́вчина ест желе́зо** кьавуялъ махх квакала; **кислота́ ест тка́ни** кислотаялъ ххам багьизабула 3) *что* (*о дыме*) бухIизабизе; **дым ест глаза́** кIкIуялъ берал рухIизарула 4) *кого-что перен. разг.* (*мучить - о болезни, тоске и т. п.*) кIвекIизе, инжит гьавизе, керен-ракI кваназе

ЕСТЬ[2] 1) *см.* **быть** 2) *в знач. сказ.* (*имеется*) буго, вуго, йиго, руго; **~ такие лю́ ди** руго гьединал гIадамал; **~ у тебя́ така́я кни́ -га?** бугищ дур гьадинаб тIехь? 3) (*являться*) ккезе; **кто ты ~ ?** мун щив кколев? **так и ~ !** гьедин бугизеги буго! **~ тако́е де́ло!** буго цо гьединаб иш!

ЕСТЬ[3] *межд.* (*ответ на команду*) есть! (къабул гьабула!)

ЕФРЕ́ЙТОР *м* ефрейтор

ЕФРЕ́ЙТОРСКИЙ, -ая, -ое ефрейторасул, ефрейторазул

Е́ХАТЬ *несов.* 1) рекIун ине; **~ верхо́м на ло́шади** чода рекIун, ине; **~ в по́езде** поездалда рекIун ине; **~ за́ город** шагьар тун къватIире рекIун ине 2) (*отправляться куда-л.*) ине; **~ в Москву́** Москваялде ине 3) *перен. разг.* (*скользит, разъезжаться*) хъещтIезе, хъущтIизе; **но́ги на льду е́дут в ра́зные сто́роны** цIертIа хIатIал рахъ-рахъалде хъещтIолел руго ◊ **да́льше ~ не́куда** тIокIаб добехун нух гьечIо; гьелдаса квеш ккеларо

ЕХИ́ДНА *ж* 1) *зоол.* ехидна (*Австралиялда ва Тихий акеаналъул чIинкIиллъабазда букIунеб тIад рукIкIбиги квасги бугеб рухIчIаголъи*) 2) *зоол.* (*змея*) А*встралиялда букIунеб* загьруяб борохь 3) хIунсулеб, ракI лъукъулеб ргIи абулев чи; инжитго тIад велъанхъулев чи

ЕХИ́ ДНИЧАТЬ *несов. разг.* ракI лъукъулеб, рекIеда хIунсулеб ргIи рехизе, тIад велъанхъизе

ЕХИ́ДНО *нареч.* ракI лъукъулеб, рекIеда хIунсулеб куцалъ, тIад велъанхъун

ЕХИ́ ДН//ЫЙ, -ая, -ое ракI лъукъулеб, рекIеда хIунсулеб, хъатIулеб ргIи рехулев; **~ый челове́к** ламартав чи; **~ое замеча́ние** ракI лъукъулеб бадибчIвай; **~ая улы́бка** тIад велъараб гьими

ЕХИ́ ДСТВО *с* инжитго тIад велъанхъи, ракI лъукъи, хIунсулеб ргIи аби

ЕШЬ[1] *2 л. ед. наст. от* **есть**[1]

ЕШЬ[2]**, Е́ШЬТЕ** *повел. от* **есть**[1]

ЕЩЁ 1. *нареч.* 1) (*дополнительно, вдобавок*) цоги, дагьабги; **дай мне ~** дагьабги кье дие; **прочита́ть ~ раз** цоги нухалъ цIализе; **~ кто там?** цоги щив вугев гьенив? 2) (*до сих пор, пока*) жеги; **он ~ боле́ет** дов жеги унтун вуго 3) (*уже*) -го; **он уе́хал ~ неде́лю тому́ наза́д** анкьалъ цевего ана дов **2.** *частица* цоги; **како́й ~ пода́рок ему́!** цоги кинаб сайгьат гьесие! **~ бы!** гьайгьай! узухъда! гурхIундай! **~ како́й!** цIакъ кутакаб! унго-унгояб!

Е́Ю *мест. личн. тв. п. от* **она́**

Ж

Ж[1] *союз см.* **же**[1]

Ж[2] *частица см.* **же**[2]**; ну так что ж?** букIани щибха? щибха цинги?

ЖА́БА[1] *ж зоол.* кьверкъ (*цIинкахараб*)

ЖА́БА[2] *ж уст. мед.* жаба, ангина ◊ **грудна́я ~** рекIел унти (стенокардия)

ЖА́БЕРН//ЫЙ, -ая, -ое жабрал ругеб; **~ое живо́тное** жабрал ругеб рухIчIаголъи

ЖА́БИЙ, -ья, -ье кьоркъол(аб)

ЖАБО́ *с нескл.* жабо (*гуржибаялъ къачIараб гурдил габур*)

ЖА́БР//Ы *мн.* (*ед.* **~а** *ж*) жабрал (*ччугIбузул ва ц. лъадал рухIчIаголъабазул гьуърузул бакIалда ругел лугби*) ◊ **взять** *кого-л.* **за ~ы** *лъилниги ц*кьер кквезе

ЖА́ВОРОНОК *м* ихдала, ихдалхIинчI

ЖА́ДИНА *м, ж разг.* барахщарав, къарумав чи, гIункIкI-бечIчI, къарум

ЖА́ДНИЧАТЬ *несов. разг.* къарумлъизе, барахщизе

ЖА́ДНО *нареч.* 1) (*с большой охотой*) хъантIун, хъантIадго; **он ~ вы́пил воды́** дос хъантIун гьекъана лъим 2) *перен.* кIудияб хIасраталда, хIасрат-шавкъалда, гIишкъуялда, гIишкъу ккун; **он ~ слу́шал му́зыку** дов кIудияб хIасраталда гIенеккана музыкая-лъухъ; **он ~ чита́л кни́гу за кни́гой** дос кIудияб хIасраталда цоялда хадуб цояб тIехь цIалулеб букIана

ЖА́ДНОСТЬ *ж* 1) хъантIи; **есть с ~ю** хъантIун кваназе 2) (*скупость, корыстолюбие*) барахщи, бахиллъи, къарумлъи; **проявить ~** бахиллъи, къарумлъи бихьизабизе 3) *перен.* (*с интересом, со страстью*) гьира-шавкъ, кIудияб гьира, хIасрат; **с ~ю** кIудияб гьираялда, гьира-шавкъалда; **он с ~ю бро́сился на кни́ ги** дов кIудияб хIасратгун тIахьазда тIаделъана

ЖА́ДН//ЫЙ, -ая, -ое 1) хъантIарав, бер хъагIарав; **~ый к деньга́м** гIарцуде хъантIарав; **~ый на еду́** кванде бер хъагIарав (хъантIарав) 2) (*скупой*) барахщарав, къарумав, бахилав; **~ый челове́к** къарумав чи 3) *перен.* хIасратаб; **смотре́ть с ~ми глаза́ми** хIасратал бераздалъун балагьизе

ЖА́ЖД//А *ж* 1) къеч; **утоли́ ть ~у** къеч буссинабизе 2) *перен.* кIудияб гьира, шавкъ; **~а сча́стья** талихIалде шавкъ; **~а все знать** кинабго лъазе бугеб шавкъ, гьира

ЖА́ЖД//АТЬ *несов. чего* 1) къечезе 2) *чего и с неопр. перен.* (*сильно желать*) кIудияб гьира (шавкъ, хIасрат, къасд) ккезе; **~у уви́деть вас** мун вихьизе кIудияб хIасрат буго (дир); **~ать зна́ний** лъаялъухъ хIасралъизе

ЖАКЕ́Т *м* жакет; **~ от костю́ма** костюмалъул жакет; **вя́заный ~** хьухьараб (хьухьун гьабураб) жакет

ЖАКЕ́ТКА *ж* жакетка, жакет

ЖАЛЕ́ТЬ *несов.* 1) *кого-что* (*испытывать жалость*) гурхIизе, ракI гурхIизе, ракI барахщизе; **~ сиро́т** бесдалазда гурхIизе 2) *о ком-чем или с союзом "что"* (*сожалеть*) рекIекълъизе, ракI бухIизе; **~ о проше́дшей мо́лодости** араб гIолохъанлъиялда хадуб ракI бухIизе 3) *кого-что, чего* (*щадить, беречь*) барахщизе, цIунизе; **труди́ться, не жале́я сил** рухIалда барахщичIого, хIалтIизе; **~ де́ньги** гIарцуда барахщизе

ЖА́ЛИТЬ *несов. кого-что* хIунчизе, хеч къазабизе (*найца*)

ЖА́ЛК//ИЙ, -ая, -ое 1) (*беспомощный*) гьаримав, язихъав, пакъирав; **у него́ ~ий вид** досул пакъирлъи 2) (*невзрачный*) коцокъаб, кьерукъаб; **оде́жда в ~ом состоя́нии** ратIлил сипат хун буго 3) (*презренный*) къадру (къимат) гьечIеб; къабихIаб; сурукъаб; **~ий челове́к** къадру гьечIев чи 4) (*ничтожно малый*); **~ие оста́тки** хутIа-кIучараб жо; **~ие результа́ты** цIакъ мукъсанал хIасилал

ЖА́ЛКО 1. *нареч.* гьаримго, пакъирго; **~ улыбну́ться** гьаримго (пакъирго) гьимизе; **~ вы́глядеть** гьаримго (пакъирго) вихьизе **2.** *в знач. сказ. безл.* ракI гурхIула, гурхIула, ракI бухIула; **~ поте́рянного вре́мени** гIадада араб заманалда хадуб ракI бухIула

ЖА́ЛО *с* (*насекомых, змеи*) хеч; **пчели́ ное ~** найил хеч; **~ сатиры** (*перен.*) сатираялъул хеч

ЖА́ЛОБ//А *ж* 1) гIарз, гIарз бахъи, зигарди; **~ы на одино́чество** янгъизлъиялда тIасан зигарди 2) (*письменное заявление*) гIарза; **пода́ть ~у** гIарза кьезе

ЖА́ЛОБНО *нареч.* пашманго; гурхIуледухъ

ЖА́ЛОБН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*скорбный*) гурхIизе бачIунеб, пашманаб, зигардулеб; **~ый вой** пашманаб руруди; **~ым го́лосом** пашманаб гьаркьидалъун (гьаракьалъ) 2) гIарз хъвалеб; **~ая кни́ га** гIа́рзал хъвалеб даптар

ЖА́ЛОБЩИК *м* гIарзачи

ЖА́ЛОБЩИЦА *ж* гIарзачIужу

ЖА́ЛОВАНЬ//Е *с уст* харж, захIматхIакъ; **повыше́ние ~я** захIматхIакъ (харж) цIикIкIинаби

ЖА́ЛОВАТЬ *несов.* 1) *кого-что, чем, кому что* (*дарить*) шапакъат гьабизе, сайгъат гьабизе 2) *кого-что разг.* (*ценить, оказывать внимание*) къимат гьабизе; **его́ не о́чень жа́луют** досул кIудияб къимат гьабуларо 3) *к кому уст.* (*посещать*) вачIине, ваккарагIизе, тIаде-гъоркье щвезе; **давно́ к нам не жа́лует** цевегоялдаса нижехъе вачIунев гьечIо

ЖА́ЛОВАТЬСЯ *несов.* 1) *на кого-что* (*высказывать жалобы*) гIарзагъине; **~ на нездоро́вье** сахлъи гьечIолъиялда тIасан зигардизе 2) (*подавать жалобу*) гIарза кьезе; **~ в суд** судалде гIарза кьезе 3) *на кого-что разг.* (*ябедничать*) мацI гьабизе; **~ на подру́гу** гьудулалда тIасан мацI гьабизе

ЖА́ЛОСТЛИВЫЙ, -ая, -ое *разг.* гурхIалилаб, рахIму бугеб

ЖА́ЛОСТНО *нареч. разг.* гурхIиледухъ, пашманго; **он ~ поёт** дос пашманго ахIолеб буго (*кечI)*

ЖА́ЛОСТН//ЫЙ, -ая, -ое 1) *разг.* (*печальный*) пашманаб; **~ая пе́сня** пашманаб кечI 2) (*сострадательный*) гурхIалилаб, ракI гурхIараб; **~ое отноше́ние** гурхIалилаб (ракI гурхIараб) балагьи

ЖА́ЛОСТ//Ь *ж* гурхIел, рахIму; **сделать** *что-л.* **из ~и** ракI гурхIун *щибниги* гьабизе; **с ~ью смотре́ть** *на кого-л.* ракI гурхIун балагьизе (*лъихъниги)*; **кака́я ~ть!** кигIан квешха ккараб!

ЖАЛЬ 1) *в знач. сказ. безл. кого-л.* (*о чувстве сострадания*) ракI барахщула, ракI гурхIула; **мне ~ его́** дир досда ракI гурхIула 2) *в знач. сказ. безл. чего и неопр.* рекIее захIмалъула; **~ отдава́ть де́ньги** гIарац кьезе рекIее захIмалъула 3) *в знач. сказ. чаще с союзами «что», «если» и с неопр.* гIайиб гурищха; **~, что вы уезжа́ете** гIайиб гурищха нуж унел рукIин 4) *в знач. вводн. сл.* унгоха, бихьулищ; **~, что де́ло не удало́сь** унгоха (бихьулищ), иш битIун ккечIеб куц

ЖАЛЮЗИ́ *с нескл.* жалюзи (*чалуялъ цоцада рухьун, тIеренал чIедерал хъарщазул гьарурал гордазда ригъулел жал*)

ЖАНДА́РМ *м* жандарм (*полициялъулаб чин*)

ЖАНДАРМЕ́РИЯ *ж* жандармерия (*полициялъулаб аскар*)

ЖАНДА́РМСКИЙ, -ая, -ое жандармаялъулаб

ЖАНР *м* 1) жанр (*искусствоялъулал асаразул тайпа*); **комеди́й-ный ~** комедиялъулаб жанр 2) къагIида, куц, стиль; **пье́са поста́влена в соверше́нно но́вом ~е** пьеса миркалъго цIияб къагIидаялъ лъун буго

ЖА́НРОВ//ЫЙ, -ая, -ое жанралъулаб; **~ые разнови́дности** жанралъулал тайпаби; **~ая жи́вопись** жанралъулаб (рукIа-рахъиналъулаб темаялда тIасан бугеб) живопись

ЖАР *м* 1) (*тепло, зной*) багIари, бухIи; **от пе́чи несло́ ~ом** печалдасан багIари тIибитIулеб букIана; **кастрю́ля стои́т на ~у́** хьаг цIадутIа лъун буго 2) (*повышенная температура*) цIа-кан, цIа; **у больно́го ~** унтарасул цIа-кан буго 3) *перен.* (*подъем, рвение*) кIудияб гъира, шавкъ, гъира-шавкъ; **рабо́тать с ~ом** гъира-шавкъалда хIалтIизе ◊ **зада́ть ~у** вагIаризавизе; **чужи́ ми рука́ми ~ загреба́ть** *погов.* цогидал хIалтIизе тIамун, хайир жиндиего ххазе

ЖАРА́ *ж см.* **жар** 1); **нестерпи́мая ~** хIехьезе кIолареб багIари

ЖАРГО́Н *м* жаргон (*бакIалъулаб наречиялда яги социалияб къокъаялъ хIалтIизабулеб мацIалъул хаслъи*); **воровско́й ~** цIогьазул жаргон, цIогьазе хасиятаб мацI

ЖА́РЕН//ЫЙ, -ая, -ое **1.** бежараб; гIанкараб, барсараб; **~ое мя́со** бежараб гьан **2.** *в знач. сущ.* **~ое** *с уст. см.* **жарко́е**

ЖА́РИТЬ *несов. кого-что* 1) бежизе; барсизе, гIанкизе; **~ котле́ты** котлетал режизе; **~ се́мечки** семечка гIанкизе; **~ ко́фе** кофе барсизе 2) *разг.* (*о солнце*) къвагъизе, бухIизабизе

ЖА́Р//ИТЬСЯ *несов.* 1) бежизе, гIанкизе, барсизе; **котле́ты ~ятся** котлетал режулел руго 2) *разг.* къвагъизе, вежизе; **~иться на со́лнце** бакъукь вежизе, вежулев вукIине

ЖА́РК//ИЙ, -ая, -ое 1) бухIараб, багIарараб; **~ое ле́то** багIарараб рии; **~ий день** багIарараб къо; **~ие стра́ны** багIарарал улкаби; **~ий кли́мат** багIарараб гьава-бакъ 2) *перен.* боркьараб, кьварараб; **~ий бой** боркьараб рагъ

ЖА́РКО 1. *нареч.* бухIун, багIарун, боркьун; **в ко́мнате бы́ло ~** рокъоб багIарун букIана **2.** *в знач. сказ. безл.* багIарун (бухIун, боркьун) буго; **сего́дня ~** жакъа багIарун буго 3. *перен.* (*страстно*) кутакалда, хIасраталда, шавкъалда; **~ спо́рить** кутакалда дагIбадизе

ЖАРКО́Е *с* шашликI, бежараб гьан (бежун гьабураб квен); барсугьан; **вку́сное ~** тIагIамаб бежараб гьан

ЖАРО́ВНЯ *ж* мангъал

ЖАРОВЫНО́СЛИВОСТЬ *ж бот.* багIари хIехьезе кIвей, багIари хIехьей

ЖАРОВЫНО́СЛИВЫЙ, -ая, -ое багIари (бухIи) хIехьолеб

ЖАРОПОНИЖА́ЮЩ//ИЙ, -ая, -ее цIа-кан гIодоцинабулеб; **~ее сре́дство** цIа-кан гIодоцинабулеб дару

ЖАРОПРО́ЧНОСТЬ *ж тех.* багIари (бухIи) хIехьей, багIариялда (бухIиялда) данде чIей, багIариялъукьа (бухIиялъукьа) хIинкъунгутIи

ЖАРОПРО́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое *тех.* багIари (бухIи) хIехьолеб, багIариялда (бухIиялда) данде чIолеб; **~ое стекло́** багIари хIехьолеб цIер

ЖАРОСТО́ЙКИЙ, -ая, -ое багIари (бухIи) хIехьолеб, багIариялъукьа (бухIиялъукьа) хIинкъулареб

ЖАРОУПО́РНОСТЬ *ж тех.* багIариялда (бухIиялда) дандечIей, багIари (бухIи) хIехьей; багIариялъукьа (бухIиялъукьа) хIинкъунгутIи

ЖАРОУПО́РНЫЙ, -ая, -ое *тех.* багIариялда (бухIиялда) данде чIолеб, багIари (бухIи) хIехьолеб

ЖАР-ПТИ́ЦА *ж фолькл.* зодил тIавус (*маргьабалъ букIунеб*)

ЖА́РЧЕ *сравн. ст. к* **жа́ркий** *и* **жа́рко**

ЖАСМИ́Н *м бот.* жасмин, ясмен

ЖАСМИ́ННЫЙ, -ая, -ое, **жасми́новый,** -ая, -ое жасмина-лъул(аб)

ЖА́ТВА *ж* 1) (*уборка урожая*) лъилъари 2) (*время уборки хлебов*) лъилъарул заман (гIуж); **~ прошла́** лъилъари лъугIана 3) (*урожай*) бачIин; **оби́льная ~** гьарзаяб бачIин

ЖА́ТВЕНН//ЫЙ, -ая, -ое лъилъарул; **~ый сезо́н** лъилъарул заман (гIуж); **~ые маши́ ны** лъилъарулел машинаби

ЖАТЬ[1] *несов.* 1) *кого-что* данде къазе; **~ ру́ки** кверал рачине, кверал росизе 2) *что* (*об обуви*) къварилъизе; **сапо́г жмёт** чакма къварилъун буго 3) *что* къан цIузе; **~ сок из лимо́на** лимоналдаса сок къан цIузе

ЖАТЬ[2] *несов. что с.-х.* лъилъизе (*тIорщел*); **ра́ньше жа́ли рожь серпо́м** цебе огоб нилъалъ лъилъулаан

ЖА́ТЬСЯ *несов.* 1) (*съеживаться*) ункърукIкIине, рукIкIине, данде къазе; **~ от хо́лода** квачалъ ункърукIкIине (данде къазе) 2) (*тесниться*) цоцалъ къан рукIине (*бакI къварилъиялъ*) 3) *разг.* (*быть в нерешительности, колебаться, стесняться*) таваккал гIунгутIизе; васвасдизе; намуслъизе; **он жа́лся, не зна́я, что сказа́ть** абизе жо лъаларого, дов васвасдизе лъугьана 4) (*льнуть*) цун (хурхун) чIезе; **ребёнок жа́лся к ма́тери** лъимер эбелалда хурхун чIун букIана 5) (*скупиться*) барахшизе, бахиллъизе

ЖБАН *м* рагI, парччи (*тIалъел бугеб*)

ЖВА́ЧК//А *ж* 1) рагIбай (*хIайваналъ*) 2) (*пища*) кваналеб жо, квен, кваназе жо 3) *прост.* (*то, что употребляется для жевания*) пицI, сакъис (*чIамулеб*) ◊ **жева́ть ~у** чIамучIаб (чIалгIараб) цого жо бицине

ЖВА́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое **1.** (*жующий жвачку*) рагI балеб; **~ые живо́тные** рагI балел хIайванал **2.** *в знач. сущ.* **~ые** *мн. зоол.* рагI балел, рагI бахунел (*хIайванал*)

ЖГУ, жжёшь *и т. д. наст. от* **жечь**

ЖГУСЬ, жжёшься *и т. д. от* **же́чься**

ЖГУТ *м* 1) хьухьараб цIал, рухьен; **соло́менный ~** сумал (хьутIил) рухьен 2) бинт, катан; **кровоостана́вливающий ~** би чIезабулеб (къотIизабулеб) катан, жгут (*резиналъул*)

ЖГУ́Ч//ИЙ, -ая, -ее 1) бухI-бухIизабулеб, бухIизабулеб, багIарараб, боркьараб; **~ие лучи́ со́лнца** бакъул бухI-бухIизарулел чIорал 2) *перен.* кутакаб, хIехьезе захIматаб; **~ая боль** хIехьезе захIматаб (кутакаб) унти 3) *перен.* бухI-бухIизабулеб, кутакаб; **~ий моро́з** бухI-бухIизабулеб (кутакаб) квач ◊ **~ий брюне́т** лахIчIегIераб расалъул (рас бугев) бихьинчи; **~ий вопро́с** цIакъ кIвар бугеб суал

ЖДАТЬ *несов.* 1) *кого-что, кого-чего* балагъун чIезе; **~ по́езда** поездалъухъ валагъун чIезе 2) *чего* хьул лъезе (букIине); **враг не мо́жет ~ пощ́ады** рахIмуялде тушманасул хьул лъезе (букIине) кколаро ◊ **~ у мо́ря пого́ды** гIадада балагъун чIезе; **вре́мя не ждёт** заман балагъун чIоларо; **он не заста́вил себя́** ~ дос ралагъун чIезаричIо (дов хекко вачIана)

ЖДУ, ждёшь *и т. д. наст. от* **ждать**

ЖЕ[1] *союз* 1) *против.* абуни; **я уезжа́ю, това́рищ же остаётся** дун унев вуго, гьалмагъ абуни гьанив хутIулев вуго 2) *присоед.* -ги, -ни; **когда́ мы прие́хали, прие́хали же мы ле́том, стоя́ла со́лнечная пого́да** ниж рачIараб мехалда, рачIунги рукIана ниж риидал, бакъулаб къо (бакъулаб гьава-бакъ) букIана

ЖЕ[2] *частица* 1) *усил.* -ха, гуриха, -го; **что же ты не слу́шаешь?** щайха мун гIенеккуларев, щайха дуца гIин тIамулареб? **мы сего́дня же вернёмся** ниж жакъаго тIад руссина 2) (*для указания тождества*) -го; **така́я же кни́га** гьадинабго тIехь

ЖЕВА́НИ//Е *с* чIами, чIам-чIами; **таба́к для ~я** чIамизе (чIамулеб) тамахьу

ЖЁВАННЫЙ, -ая, -ое 1) чIамараб, чIам-чIамараб; **~ хлеб** чIамараб чед 2) *перен. разг.* (*измятый*) букIкI-букIкIараб; **~ пиджа́к** букIкI-букIкIараб пиджак

ЖЕВА́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое чIамулеб, чIамизе бугеб; **~ая рези́нка** чIамулеб резинка; **~ый таба́к** чIамулеб тамахьу; **~ая мышца** *анат.* нилъалзул ччобори; **~ые движе́ния** чIамиялъулал рагъа-рачариял (*нилъалзул*)

ЖЕВА́ТЬ *несов. что* 1) чIамизе (*о человеке*); рагI базе, рагI бахине (*о животном*); **~ хлеб** чед чIамизе; **~ губа́ми** кIутIбуца чIамизе 2) *перен. разг.* цого жо, чIамучI гьабун, бицине, цого жо чIамизе; **~ оди́н и тот же вопро́с** цого суал чIамизе

ЖЕЗЛ *м* жезл (I *хIакимлъул тIил, гIанса;* 2 *къватIазда машинабазул хьвадиялъул низам гьабулев чиясул къокъаб тIил*)

ЖЕЛА́НИ//Е *с* 1) мурад, анищ, къасд; **име́ть ~е** къасд букIине; **при всём ~и** кигIан къасд букIаниги; **уйти́ с рабо́ты по со́бственному ~ю** жиндиего бокьун, хIалтIудаса нахъе ине; **испо́лни моё после́днее ~е** дир ахирияб мурад тIубазабе 2) (*любовное влечение*) шавкъ ккей (бачIин)

ЖЕЛА́НН//ЫЙ, -ая, -ое **1.** бокьулеб, бокьараб; къваригIараб; мурадияб; анищлъун (мурадлъун) бугеб; **~ый гость** вачIине во

кьарав (вокьулев) гьобол; **~ая весть** ргIизе бокьараб хабар **2.** (*милый, дорогой*) хирияв, вокьулев; **~ый друг** хирияв гьудул; **пришла́ ~ая** хирияй ячIана **3.** *в знач. сущ.* **~ый** *м,* **~ая** *ж разг.* (*любимый, любимая*) вокьулев, йокьулей

ЖЕЛА́ТЕЛЬНО *в знач. сказ. безл. с неопр. и с союзом "чтобы"* букIине бокьула, букIани лъикI, мурад буго; бокьила; **де́ньги ~ получи́ть до отъе́зда** гIарац иналде щвезе бокьила; **~, что́бы ты пришёл** мун вачIани, лъикI букIина, мун вачIине бокьила

ЖЕЛА́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое бокьун бугеб, бокьараб, мурадияб, мурадлъун бугеб; **~ое реше́ние** мурадияб (мурадлъун бугеб) хIукму

ЖЕЛАТИ́ Н *м* желатин, ччугIисину (*кванилъ ва фотографиялда хIалтIизабулеб*)

ЖЕЛАТИ́ НА *ж см.* **желати́ н**

ЖЕЛАТИ́ НОВЫЙ, -ая, -ое желатиналъул, ччугIисинуялъул

ЖЕЛА́//ТЬ *несов.* 1) *кого-что, чего, с неопр. и с союзом "чтобы"* (*хотеть*) бокьизе, къасд ккезе; **~ю ви́деть его́** дов вихьизе бокьун буго 2) *кому кого-чего и с неопр.* -ги; **~ю вам успе́ха!** икьбал кьеги дуе (нужее)! ◊ **оставля́ет ~ть лу́чшего** тIубан разияб хIалалда гьечIо

ЖЕЛА́ЮЩ//ИЙ, -ая, -ее бокьарав, къасд бугев; **все ~ие** бокьаралщинал, къасд бугелщинал; **~их оказа́лось мно́го** бокьарал (къасд бугел) гIемер рукIана (гемер ратана)

ЖЕЛВА́К *м* гIамгIаро

ЖЕЛЕЗ//А́ *ж анат.* цIецI, цIекIгьан; **поджелу́дочная ~а** бакIвалиялда гьоркь букIунеб цIекIгьан

ЖЕЛЕ́ЗИСТЫЙ,[1] -ая, -ое *хим.* махх гьорлъ бугеб; **~ исто́чник** махх гьорлъ бугеб лъадал ицц

ЖЕЛЕ́ЗИСТ//ЫЙ,[2] -ая, -ое *анат.* цIуцIдузул(аб), цIуцIдул ругеб

ЖЕЛЕ́ЗКА *ж разг.* маххул кесек

ЖЕЛЕЗНОДОРО́ЖНИК *м* маххул нухлул хIалтIухъан

ЖЕЛЕЗНОДОРО́ЖНИЦА *ж* маххул нухлул хIалтIухъан

ЖЕЛЕЗНОДОРО́ЖН//ЫЙ, -ая, -ое маххул нухлул; **~ый мост** маххул нухлул кьо; **~ый биле́т** маххул нухалъул (поездалъе) билет; **~ая ве́тка** маххул нухалъул гIаркьел; **~ое движе́ние** поездал хьвади; **~ая на́сыпь** маххул нух тIад бугеб ракьул сангар

ЖЕЛЕ́ЗН//ЫЙ, -ая, -ое 1) маххул; **~ая печь** маххул печь; **~ая решётка** маххул хьури; **~ая руда́** маххул магIдан (руда); **~ый лом** а) маххул хIос б) гьурараб махх 2) *перен.* (*сильный, крепкий*) кутакаб, кьвакIараб; **~ое здоро́вье** щулияб сахлъи; **~ая дисципли́на** кьвакIараб гIадлу; **~ая эпо́ха** маххул заман (*инсаният махх хIалтIизабизе ругьунлъараб заман*); **~ый купоро́с** *хим. м*ачIбил

ЖЕЛЕЗНЯ́ К *м мин.* маххул руда (магIдан)

ЖЕЛЕ́ЗО *с* 1) махх; **листово́е** ~ листалъулаб (тIеренаб) махх 2) *собир.* маххул къайи (алат, матах1); **торгова́ть ~м** маххул къайи-матахIалъул даран гьабизе 3) (*лекарство*) махх гьорлъ бугеб дару; **принима́ть** ~ махх гьорлъ бугеб дару гьекъезе

ЖЕЛЕЗОБЕТО́Н *м* маххбетон

ЖЕЛЕЗОБЕТО́ННЫЙ, -ая, -ое маххбетоналъул; **~ мост** маххбетоналъул кьо

ЖЕЛЕЗОПРОКА́ТНЫЙ: ~ заво́д маххул прокат гьабулеб (бокьараб формаялда махх чIинтIизабулеб) завод

ЖЁЛОБ *м* гомог, рогIоро; **водосто́чный** ~ лъим чвахулеб гомог

ЖЕЛО́БЧАТ//ЫЙ, -ая, -ое гонгал ругеб, гонгахараб; **~ая черепи́ца** гонгахараб щегI (*тIохда кколеб*)

ЖЕЛТЕ́//ТЬ *несов.* 1) (*становиться желтым*) тIогьиллъизе; **кое-где́ на дере́вьях на́чали ~ть ли́стья** бакI-бакIалда гьутIбузда тIанхал тIогьиллъизе байбихьана 2) (*виднеться – о желтом*) тIогьиллъун бихьизе; **вдали́ ~ла рожь** рикIкIада огоб тIо-гьиллъун бихьуллеб букIана

ЖЕЛТИЗН//А́ *ж* тIогьиллъи, гIобиллъи; **с ~о́й** тIогьиллъи бугеб; тIогьиллъигун

ЖЕЛТИ́ ТЬ *несов. что* тIогьил белъине, тIогьиллъизабизе

ЖЕЛТКО́ВЫЙ, -ая, -ое багIарханил, тIогьилханил

ЖЕЛТО́К *м* (*яйца*) багIархоно, тIогьилхоно

ЖЕЛТОКО́ЖИЙ, -ая, -ее тIом тIогьилав

ЖЕЛТОЛИ́ ЦЫЙ, -ая, -ое гьумер тIогьилав

ЖЕЛТОРО́ТЫЙ, -ая, -ое 1) (*о птенце*) хIебдарасулаб (кIал тIогьилаб) (*хIанчIитIинч1)* 2) *перен. разг.* жеги гьитIинав, гIакълуялде щун вахъинчIев; **~ юне́ц** жеги гьитIинав (гIакълуялде щун вахъинчIев) гIолилав

ЖЕЛТУ́ ХА *ж мед.* гIобил унти

ЖЕЛТУ́ ШН//ЫЙ, -ая, -ое *мед.* гIобил унти бугеб; **~ое лицо́** гIобил кьер чIвараб гьумер

ЖЁЛТ//ЫЙ, -ая, -ое тIогьилаб, гIобилаб **~ая лихора́дка** гIобил сири (*тропикиял улкабазда букIунеб унти*); **~ая пре́сса** принцип гьечIеб къватIул пресса

ЖЕЛУ́ Д//ОК *м* бакIвали, кванирукъ, чехь; **расстро́йство ~а** риххел щвей, чехь лъамалъи; **я́зва ~а** кванирукъалъул язва; **на голо́дный ~ок** мачIикьаго

ЖЕЛУ́ ДОЧЕК *м* 1) *уменьш. от* **желу́док** 2) *анат.* (*часть сердца*) рекIел тIала; **пра́вый** ~ кваранаб тIала (*рекIел*)

ЖЕЛУ́ДОЧНИК *м разг*. кванирукъ унтарав чи

ЖЕЛУ́ ДОЧН//ЫЙ, -ая, -ое чохьол, кванирукъалъул, бакIвалидул; **~ые заболева́ния** чохьол унтаби; **~ый сок** бакIвалидул сок

ЖЁЛУДЬ *м* миккицIулакьо

ЖЁЛЧНО *нареч.* щцин бахъун, щцидалъ; бухIуледухъ, хIунсуледухъ *(абизе, кIалъазе, велъизе);* **~ смея́ться** щцин бахъун, велъизе

ЖЁЛЧНОСТЬ *ж* щцидаллъи

ЖЁЛЧН//ЫЙ, -ая, -ое 1) *анат.* щцидал; **~ый пузы́ рь** щцидал кьвачIа, щцин 2) *перен.* щцидалав; **~ый челове́к** щцидалав чи; **~ая речь** щцидалаб кIалъай

ЖЁЛЧЬ *ж* 1) *анат.* щцин; щцидал кьвачIа 2) *перен:* **изли́ ть** ~ щцидахун кIалъазе, щцин бихъизе

ЖЕМА́НИТЬСЯ *несов. разг.* хквелал гьаризе, хIадаризе, намусал гьаризе, жиндаго гьардезе тIамизе

ЖЕМА́ННИЦА *ж разг.* хквелал гьарулей, хIадаризе бокьулей гIадан; гогьма

ЖЕМА́ННИЧАТЬ *несов. см.* **жема́ниться**

ЖЕМА́ННО *нареч.* гогьдарун, хквелал гьарун, хIадарун

ЖЕМА́НН//ЫЙ, -ая, -ое хIадарулев, хквелал гьарулев, гогьдарулев, гIадатлъи гьечIев; **~ые мане́ры** гогьаб рагъа-рашари

ЖЕМА́НСТВО *с* хквелал гьари, хIадари; гогьдари

ЖЕ́МЧУГ *м* маргъал; **настоя́щий** ~ унго-унгояб (хIакъикъияб) маргъал; **иску́сственный** ~ искусственнияб маргъал

ЖЕМЧУ́ ЖИНА *ж* 1) (*зерно жемчуга*) маргъалул горо, цо маргъал 2) *перен. чего* хазина; **~ ава́рского фольклóра** аваразул фольклоралъул хазина

ЖЕМЧУ́ЖНИЦА[1] *ж зоол.* жемчужница (*мукIучIиялъуб маргъал гьабулеб молюск*)

ЖЕМЧУ́ ЖНИЦА[2] *ж уст.* туберкулез (*хIайваназул, хIанчIазул*)

ЖЕМЧУ́ ЖН//ЫЙ, -ая, -ое 1) маргъалул; **~ое зерно́** маргъалул горо; **~ая ра́ковина** маргъалул мукIучIи 2) *перен.*: **~ые зу́бы** маргъалул цаби

ЖЕНА́ *ж* лъади, чIужу; **~ бра́та** вацасул чIужу (лъади)

ЖЕНА́ТЫЙ, -ая, -ое лъади (чIужу) ячарав, хъизан гьабурав

ЖЕНИ́ //ТЬ *сов. и несов.* лъади (чIужу) ячине, ригьин гьабизе ◊ **без меня́ меня́ ~ли** дидаго лъачIого, дие чIужу ячун ятана; дидаги лъачIого, дун цо ишалда гьоркьове цIан ватана

ЖЕНИ́ ТЬБА *ж* чIужу (лъади) ячин, хъизан (ригьин) гьаби

ЖЕНИ́//ТЬСЯ *сов. и несов.* чIужу (лъади) ячине, хъизан (ригьин) гьабизе; **я неда́вно ~лся** дагъаб цебе дица хъизан гьабуна

ЖЕНИ́ Х *м* бахIарав; абурав вас

ЖЕНОЛЮ́ Б *м* руччабирокь

ЖЕНОНЕНАВИ́ СТНИК *м* руччабирих

ЖЕНОПОДО́БНЫЙ, -ая, -ое чIужумахIав, чIужугIадав

ЖЕ́НСК//ИЙ, -ая, -ое *в разн. знач.* руччабазул; чIужугIаданалъул; **~ий труд** чIужугIаданалъул захIмат; **~ие боле́зни** *мед.* руччабазул унтаби; **~ая рука́** чIужугIаданалъул квер (*тамахаб, хIеренаб*); **~ое лука́вство** руччабазул сихIирлъи (макрулъи); **~ий род** *грам.* чIужуялъул жинс; **~ая ло́гика** руччабазул логика; **~ий хара́ктер** руччабазул хасият

ЖЕ́НСТВЕННОСТЬ *ж* хIеренлъи, тамахлъи, чIурканлъи, гьайбатлъи

ЖЕ́НСТВЕННЫЙ, -ая, -ое руччабазе хасиятал рахъал ругей (хIеренай, чIурканай, тамахай, гьайбатай)

ЖЕ́НЩИНА *ж* чIужугIадан, чIужу

ЖЕНЬШЕ́НЬ *м бот.* женьшень

ЖЁРДОЧКА *ж уменьш. от* **жердь**

ЖЕРДЬ *ж* гIер, мокъ, рахи; **дли́нный как ~** гIергIан халатав

ЖЕРЁБАЯ: ~ кобы́ла къинаб гIала

ЖЕРЕБЁНОК *м* тайи

ЖЕРЕБЬЁВКА *ж* можоро тIами (рехи)

ЖЕРЛО́ *с* 1) (*орудия*) хIараялъул кIал; **~ пу́шки** гIарадаялъул хIарадул кIал 2) (*отверстие*) каратI, кIалтIу; **~ вулка́на** вулканалъул кIалтIу

ЖЁРНОВ *м* тIáсагьобо *(гургинаб гамачI)*

ЖЕ́РТВ//А *ж* 1) *этн.* къурбан; къурбанлъун ккарав; **принести́ в ~у** къурбанлъун (къурбаналъе) кьезе 2) *перен.* (*самопожертвование*) хIехьей; **он гото́в на вся́кие ~ы** дов кинабго хIехьезе хIадур вуго 3) *кого-что* (*пострадавший*) балагь тIаде бачIарав, балагьалда гъоркье ккарав (*гIадан ва ц.*); **~ы агре́ссии** агрессиялде гъоркье ккарал, агрессия тIаде бачIарал

ЖЕ́РТВОВАТЬ *несов.* 1) *что* (*приносить в дар*) чIобого (гьавайин) кьезе; **~ в по́льзу бе́дных** мискинзабазе пайдаялъе кьезе 2) *кем-чем* къурбанлъун кьезе *щибниги жо*, къурбан гьабизе *щибниги лъиениги-сундуениги*; **~ жи́знью во и́ мя ро́дины** ватIаналъе гIоло гIумру къурбан гьабизе; **~ о́тдыхом** хIалхьиялдаса инкар гьабизе (*лъиениги- сундуениги гIоло*)

ЖЕРТВОПРИНОШЕ́НИЕ *с (обряд)* къурбан хъвей 2) *(жертва)* къурбанлъун чIей

ЖЕСТ *м* 1) *квералъ, бетIералъ гьабулеб* ишара (*кIалъалаго*); **кивóк головóй – ~ согла́сия** бетIер гьанкIизаби – разилъиялъул ишара 2) *перен.* ургъунго (цо хасаб мурадалда) гьабураб иш; **краси́ вый ~** рихьдае гьабураб иш; **язы́ к ~ов** ишарабазул мацI

ЖЕСТИКУЛи́РОВАТЬ *несов.* квераца ишараби гьаризе, квералъ хьвагIезаризе; **оживлённо ~** чIинкьа-кIитIун ишараби гьаризе, квералъ хьвагIезаризе

ЖЕСТИКУЛЯ́ЦИЯ *ж* ишараби гьари (*кIалъалаго квераз*)

ЖЁСТК//ИЙ, -ая, -ое 1) (*твердый*) кIвакIараб; согIаб; чанлъаб; **~ий дива́н** кIвакIараб диван; **~ие во́лосы** чанлъаб рас 2) *перен.* (*суровый*) хъачIаб, согIаб, кIвараараб; **~ий хара́ктер** согIаб хасият; **~ий вагóн** *ж.-д.* кIвакIараб, рахIат гьечIеб вагон

ЖЁСТКО *нареч.* 1) кIвакIун 2) *в знач. сказ. безл.* кIвакIун буго; **мне ~** дие кIвакIун буго; **~ спать** кьижизе кIвакIун буго (*бусен*)

ЖЁСТКОСТЬ *ж* 1) кIвакIи, согIлъи; кIвакIараб (согIаб, чанлъаб) букIин 2) *перен.* хъачIлъи, согIлъи, чанлълъи ◊ **~ воды́** лъеда гъорлъ цIамал рукIин

ЖЕСТО́К//ИЙ, -ая, -ое 1) (*беспощадный, безжалостный*) рахIму (гурхIел) гьечIев, кIвараараб; **~ий челове́к** рахIму гьечIев чи 2) *перен.* (*сильный*) кутакаб, кIвараараб; **~ий моро́з** кIвараараб (кутакаб) квач; **~ая борьба́** кутакаб кьеркьей

ЖЕСТО́КО *нареч.* (*безжалостно*) рахIму (гурхIел, цIоб) гьечIого, 2) (*очень сильно*) кутакалда; **~ ошиби́ться** кутакалда мекъи ккезе ◊ **э́ то ~** гьеб рахIму (цIоб) гьечIолъи ккола

ЖЕСТОКОСЕ́РДИЕ *с* гурхIел (рахIму, цIоб) гьечIолъи, гурхIел тIагIин, ракI гурхIунгутIи

ЖЕСТО́КОСТЬ *ж* 1) (*безжалостность*) рахIму (гурхIел, цIоб) гьечIолъи (тIагIин) 2) (*жестокий поступок*) рахIму гьечIеб иш

ЖЕСТЬ *ж* хъахIмахх

ЖЕСТЯ́НКА *ж* 1) (*коробка*) хъахIмаххул кIуни 2) хъахIмаххул кесек

ЖЕСТЯНО́Й, -áя, -óе хъахIмаххул; **~о́й ча́йник** хъахIма-ххул чайник

ЖЕСТЯ́НЩИК *м* хъахIмаххул къайи гьабулев устар

ЖЕТО́Н *м* жетон (*металлалъул значок*)

ЖЕЧЬ *несов. кого-что в разн. знач.* бухIизе, бухIизабизе; **~ бума́гу** кагъат бухIизе; **~ дрова́** цIул бухIизе; **со́лнце жжёт лицо́** бакъуца гьумер бухIулеб (бухIизабулеб) буго; **крапи́ва жжёт** мичIица бухIизабулеб буго

ЖЕ́ЧЬСЯ *несов.* (*обжигаться*) бухIизе, бухIизабизе; **утю́г жжётся** итуялъ бухIизабула; **крапи́ва жжётся** мичIица бухIизабула

ЖЖЕ́НИЕ *с* бухIи, бухIизаби; цIерхIей

ЖЖЁНЫЙ, -ая, -ое бухIараб, кIвагъараб, бежараб; **~ ко́фе** кIвагъараб кофе; **~ кирпи́ч** бежараб кирпич

ЖЖЁТ(СЯ), жгу́т(ся) *и т. д. наст. от* **же́чь(ся)**

ЖЖЁШЬ, жгут *и т. д. наст. от* **жечь**

ЖИВЁТСЯ *наст. от* **жи́ ться**

ЖИВи́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое чIаголъи кьолеб (бачIинабулеб); ракI бохизе (бигьине) гьабулеб; **~ый во́здух** чIаголъи кьолеб гьава; **~ая вода́** чIаголъи кьолеб лъим

ЖИ́ ВНОСТЬ *ж собир. разг.* 1) (*живые существа*) рухIчIаголъи (рухIчIаголлъаби) 2) (*домашние животные и птицы*) гIибоцIи, гIанкIу-хIелеко

ЖИ́ ВО *нареч.* 1) (*ясно*) хIакъикъаталда, бугеб куцалда; цIакъ релълъун, загьирго; **я ~ по́мню своего́ де́душку** дида загьирго ракIалда вуго дирго кIудада; **она́ мне ~ напомина́ет свою́ мать** дой дида жиндирго эбелалда цIакъ релълъун йихьула, долъ дида загьирго ракIалде щвезаюла дирго эбел 2) (*скоро*) хехго, тириго, къамартIго; **он ~ вы́ звал врача́** гъос хехго тохтир ахIана

ЖИВОДЁР *м* 1) цIокобахъ, балканччукI, бакьалхарцI 2) *перен.* чияр захIмат кваналев чи; гурхIел-цIоб гьечIев чи

ЖИВ//О́Й, -áя, -óе 1) чIагояб, рухI бугеб; **он ~ и здоро́в** дов сах-саламат вуго; **оста́ться в ~ы́ х** чIаго хутIизе 2) (*подлинный*) унго-унгояб; аслияб; **изобрази́ть ~ы́ х люде́й** унго-унгоял гIадамал рихьизаризе 3) (*подвижный*) гьалагаб, чIезе кIолареб (*лъимер*), тирияб; **~о́й ребёнок** цIакъ тирияб лъимер 4) *перен.* (*реальный*) хIакъикъияб; **~о́й приме́р героизма** бахIарчилъиялъул хIакъикъияб мисал 5) (*выразительный*) баянаб; **~о́е изложе́ние** баянаб, берцинаб бицин 6) (*жизненный*) гьечIого гIолареб; кIвар бугеб; **~о́е де́ло** кIвар бугеб (гьабичIого гIолареб) иш ◊ **~о́й вес** чIагояб цIайи; **~а́я ра́на** сахлъичIеб ругъун; **~а́я сила** чIагояб къуват; **~о́й язы́ к** чIагояб (*хIалтIизабулеб*) мацI; **ни ~ души́** цо инсанцин (цо рухIцин) гьечIо; **~а́я приро́да** чIагояб тIабигIат; **~о́й портре́т** *кого* чIагояб сурат *лъилниги*, тIуванго релълъарав вуго *лъиданиги*; **~о́го ме́ста нет** чIагояб бакI хутIун гьечIо (*къаркъалаялда*)

ЖИВОПИ́СЕЦ *м* художник, суратал рахъулев чи (квералъ)

ЖИВОПИ́СНО *нареч.* беричго, гьайбатго, берцинго

ЖИВОПИ́СНОСТЬ *ж* беричлъи, гьайбатлъи, берцинлъи

ЖИВОПИ́СН//ЫЙ, -ая, -ое 1) живописалда хурхараб, живописалъулаб; **~ый портре́т** релъабаз бахъараб сурат 2) беричаб, гьайбатаб, берцинаб; **~ая приро́да** берцинаб (беричаб, гьайбатаб) тIабигIат

ЖИ́ ВОПИСЬ *ж* живопись (I *релъабаз сурат бахъиялъул искусство;* 2 *собир. релъабаз рахъарал суратал*)

ЖИВОРОДЯ́ Щ//ИЙ, -ая, -ее чIагояб тIинчI гьабулеб (*ханал гьаричIого*); **~ие млекопита́ющие** чIагоял тIанчIи гьарулел рахь хахулел хIайванал; **~ие ры́ бы** чIагоял тIанчIи гьарулел ччугIби

ЖИ́ ВОСТЬ *ж* тирилъи, чIаголъи, гIедерлъи, лебаллъи

ЖИВО́Т[1] *м* чехь; **лежа́ть на ~е** чахьалда (кIалагъоркье) вегизе ◊ **надорва́ть ~ы со́ смеху** чахьал рихъиледухъ релъизе, гIемер релъун, чIахьал рихъизе, цIакъ кутакалда релъанхъизе

ЖИВО́Т[2] *м уст.* (*жизнь*) гIумру; **боро́ться не на ~, а на смерть** рIухIалда барахшичIого, къеркьезе

ЖИВОТВО́РНЫЙ, -ая, -ое чIаго гьабулеб, рухI (гуч) бачIинабулеб, хIал цIи гьабулеб

ЖИВОТНОВО́Д *м* боцIухъан, боцIи хьихьулев чи

ЖИВОТНОВО́ДСТВО *с* боцIухъанлъи, боцIи хьихьи; **колхо́зное ~** колхозалъул боцIухъанлъи

ЖИВО́ТН//ОЕ *с* 1) хIайван; рухIчIаголъи; **дома́шние ~ые** рукъалъул хIайванал 2) *перен.* согIав (гIаданлъи гьечIев) чи, хIайван ◊ **двуно́гое ~** кIихIатIилаб хIайван (*чиясул хIакъалъулъ*)

ЖИВО́ТН//ЫЙ, -ая, -ое хIайваналъул, хIайваназул, рухIчIаголъабазул(аб); **~ый мир** рухIчIаголъабазул (хIайваназул) дунял; **~ое ма́сло** хIайваналъул нах 2) *перен.* (*физиологический*) хъачIаб, нахъегIанаб, хIайванаб; **~ый страх** хIайванаб хIинкъи; **~ое чу́вство** хIайванаб гьира (шавкъ)

ЖИВОТРЕПЕ́ЩУЩИЙ, -ая, -ее (*злободневный*) гьабсагIат цIакъ кIвар бугеб; **~ вопро́с** гьабсагIат цIакъ кIвар бугеб суал

ЖИВУ́ , живёшь *и т. д. наст.. от* **жить**

ЖИВУ´ ЧЕСТЬ *ж* 1) (*жизнеспособность*) чIаголъи, тирилъи букIин, лебаллъи 2) *перен.* (*прочность*) щулалъи

ЖИВУ´ Ч//ИЙ, -ая, -ее 1) (*жизнеспособный*) чIагояб, тирияб, лебалаб, къо хIехьолеб; **ко́шка – живо́тное ~ее** кето лебалаб, къо хIехьолеб хIайван буго 2) *перен.* (*устойчивый*) щулияб; **~ие привы́ч-ки** щулиял, хисуларел, хисизаризе кIоларел (ругьунал) гIамалал

ЖИВЬЁМ *нареч. разг.* чIаго(го); **захвати́ ть ~ в плен** чIаго го асир гьавизе

ЖИГУЛИ́ *мн.* жигули (автомашина)

ЖИ́ДК//ИЙ, -ая, -ое 1) лъамияб; **~ая ка́ша** лъамияб карщ; **~ий суп** лъамияб чурпа; **~ое раке́тное то́пливо** лъамияб ракеталъулаб цIатари 2) (*редкий*) лъедераб; **~ий лес** лъедераб рохь; **~ие во́лосы** лъедераб рас

ЖИ́ДКОСТНЫЙ, -ая, -ое лъамалъи хIалтIизабулеб; **~ раке́тный дви́гатель** лъамияб цIатариялъулаб ракетаялъул двигатель

ЖИ´ ДКОСТЬ *ж* лъамалъи, лъамияб жо; **сосу́д с ~ю** лъамалъи жаниб бугеб шиша

ЖИ´ Ж//А *ж* 1) лъамияб хIарщ, лулараб жо; **навóзная ~а** ракул лъамалъи 2) *разг.* чурпадул аха́кь; **налила́ одно́й ~и** жибго (цохIо) аха́кь тIуна

ЖИ´ ЖЕ *сравн. ст. к* **жи́ дкий** *и* **жи́ дко**

ЖИЗНЕДЕ́ЯТЕЛЬНОСТЬ *ж* 1) *биол.* чIаголъи, чIаголъи гьаби, хIалтIи 2) *перен.* гIумру (яшав) гьаби, гьавуди

ЖИЗНЕДЕ́ЯТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое 1) *биол.* чIаголъи бугеб, гIумру (яшав) гьабун бажарулеб 2) *перен.* гIумру гьабулев, гьавудулев

ЖИЗНЕЛЮБИ´ ВЫЙ, -ая, -ое гIумру хирияв (бокьулев)

ЖИЗНЕЛЮ´ БИЕ *с* гIумру хиралъи (бокьи)

ЖИ´ ЗНЕННОСТЬ *ж* 1) (*жизненная сила*) чIаголъи букIин, чIаголъи буголъи 2) (*действительность*) хIакъикъияб (унгоунгояб) букIин

ЖИ́ЗНЕНН//ЫЙ, -ая, -ое 1) гIумруялъе чара гьечIеб; **~ые потре́бности** гIумруялъе чара гьечIел хIажалъаби 2) *перен.* (*важный*); **~ые це́нтры страны́** улкаялъул кIвар бугел централ (бакIал)

ЖИЗНЕОПИСА́НИЕ *с* биография; **кра́ткое ~** къокъаб биография

ЖИЗНЕРА́ДОСТНОСТЬ *ж* ракI гIанчIлъи, ракI регьин, аваданлъи

ЖИЗНЕРА́ДОСТНЫЙ, -ая, -ое ракI регьарав, ракI гIанчIав, аваданав; **~ челове́к** аваданав чи

ЖИЗНЕСПОСО́БНОСТЬ *ж* чIаголъи букIин, дунял гьабизе лъай, лебаллъи, бажари

ЖИЗНЕСПОСО́БНЫЙ, -ая, -ое чIаголъи (бажари) бугев, гIумру гьабун бажарулев; дунял гьабизе лъалев; **~ органи́ зм** чIаголъи бугеб организм; **~ коллекти́в** иш бажарулеб (бажари бугеб) коллектив

ЖИЗНЕСТО́ЙКИЙ, -ая, -ое къо хIехьолеб, жиндир чIаголъи цIунизе хIал кIолеб

ЖИЗНЕСТО́ЙКОСТЬ *ж* къохIехьей, жиндир чIаголъи цIунизе къуват букIин, хIалкIолъи букIин

ЖИЗН//Ь *ж* 1) *в разн. знач.* гIумру, яшав, бетIербахъи; **возникнове́ние ~и на земле́** ракьалда гIумру бижи (бакки); **зако́ны ~и** гIумруялъул законал; **общéственная ~ь** обществоялъулаб (жамгIияб) гIумру; **лиши́ть ~и** гIумруялдаса махIрум гьавизе, чIвазе 2) (*век, период*) заман, гIасру, мех ◊ **о́браз ~и** яшав (гIумру) гьабулеб куц (къагIида); **подру́га ~и** чIужу, лъади; ◊ **не на ~ь, а на смерть** рухIалда барахщичIого; **~ь висе́ла на волоске́** рухI расуда бан букIана; **прожига́ть ~ь** гIумру гIадада хвезабизе

ЖИ´ Л//А *ж* 1) (*сухожилие*) рихь, щекI 2) (*кровеносный сосуд*) бидурихь; **~ы наду́лись** бидурихьал понцIон руго 3) *геол.* гъат, чIва (*магIданалъул*); **золотоно́сная ~а** месед гъорлъ бугеб магIданалъул чIва (гъат) ◊ **тяну́ть ~ы** *из кого-н.* гIакъуба кьезе, чIалгIинабизе (*чIамучIаб хабар бицун, зигардун*)

ЖИЛЕ́Т *м* керенсвери (*къвалал гьечIеб*), жилет

ЖИЛЕ́ТНЫЙ, -ая, -ое жилеталъул; **~ый карма́н** жилета-лъул чванта (киса)

ЖИЛЕ́Ц *м* 1) (*житель, обитатель*) *кибниги* гIумру гьабулев чи 2) (*квартиросъемщик*) мухьдахъ рукъ ккурав чи ◊ **он не ~ на бе́лом све́те** досул гIумру къокъаб букIина, дос дунялалда гIемер мех баларо

ЖИ´ ЛИСТ//ЫЙ, -ая, -ое 1) рихьахараб, рихьал гIемераб; **~ое мя´со** рихьахараб гьан 2) бидурихьал тIаде рараб; **~ые ру́ки** бидурихьал тIаде рарал кверал 3) (*сухощавый*) хIалакъав, вакъварав; **~ый стари´ к** хIалакъав (вакъварав) херав 4) *перен.* (*крепкий*); **~ый мужчи´ на** щекIмахIав, къвакIарав бихьинчи

ЖИЛИ́ЧКА *ж* мухьдахъ рокъой тарай, мухьдахъ рукъ ккурай гIадан

ЖИЛИ´ ЩЕ *с* рукъ, мина, ригь

ЖИЛИ́ЩНО-БЫТОВ//О́Й, -а́я, -о́е рукъалъулгун рукIа-рукIарахъиналъулаб; **~ые потре́бности** рукъалъулгун рукIа-рукIарахъиналъулал тIалабал, хIажалъаби

ЖИ́ЛКА *ж* 1) *уменьш. от* **жи´ла** I 2) *биол.* тIеренаб рихь (*тIанхида, хIутIкIкIараялъул кваркьиялда*) 3) *перен.* (*склонность*) пагьму, бажари, махщел буголъи; махщел, бажари, пагьму *сундуениги* 4) *геол.* (*вкрапление*) тIеренаб чIва (мухъ, гъат) (*магIдалъулъ, цIулалъ ва ц.*); **мра́мор с ~ми** чIваби (мухъал) ругеб мармар

ЖИЛ//О́Й, -а́я, -о́е 1) (*для жилья*) гIадамал жанир чIезе гьабураб; **~ы´ е зда́ния** жанир гIадамал чIезе рарал минаби 2) (*обитаемый*) гIадамал жанир ругеб (чIараб), гIадам жанир рукIунеб; **~а́я ко́мната** жанир чIолеб (рукIунеб) рукъ

ЖИЛПЛО́ЩАДЬ *ж* (*жилая площадь*) жанир гIадамал чIолеб рукъ (бакI)

ЖИЛЬ//Ё *с* 1) (*обитаемое место*) гIадамал ругеб бакI; **вдали´ от челове́ческого ~я´** гIадамал ругеб бакIалдаса рикIкIад 2) *разг.* (*жилище*) рукъ, мина, руссунеб бакI; **те́сное ~ё** къваридаб рукъ; **го́дный для ~я´** жанир рукIине (чIезе, гIумру гьабизе) ярагьунеб

ЖИМ *м спорт.* жим (*штанга борхиялъул къагIида*)

ЖИ́МОЛОСТЬ *ж бот.* жимолость (*махI берцинаб тIегь бижулеб хъарахъ*)

ЖИР *м* беэнлъи, нах; **ры´ бий ~** ччугIинах; **живо́тный ~** панзил нах, хIайваналъул нах

ЖИРА́Ф *м* **жира́фа** *ж зоол.* жираф

ЖИРЕ́//ТЬ *несов.* къаралъизе; **лени´ вый кот бы´ стро ~ет** кIохIалаб кето хехго къаралъула

ЖИ́РН//ЫЙ, -ая, -ое 1) къарияб, беэнаб; **~ое мя´со** къарияб гьан; **~ое молоко́** беэнаб рахь; **~ий кот** къарияб кето 2) (*грязный от жира*) беэнлъиялъ хъублъизабураб, нахулъан баккараб

ЖИРОВ//О́Й, -а́я, -о́е 1) (*содержащий жир*) къаралъиялъул, беэнлъиялъул 2) (*обрабатывающий жир*) нах гьабулеб

ЖИТЕ́ЙСК//ИЙ, -ая, -ое гIадатаб, рукIа-рахъиналъул(аб); **~ая му́дрость** рукIа-рахъиналда хурхараб гIакълу ◊ **де́ло ~ое!** *разг.* гьеб гIадатаб жо буго! гьеб тамашалъи гьабизе ккараб жо гуро!

ЖИ´ ТЕЛ//Ь *м кивниги* гIумру гьабун чIарав чи; **деревéнские ~и** росдал (росабазул) гIадамал

ЖИ́ТЕЛЬСТВ//О *с* рукъалъ (мина ккун) чIей; **ме́сто посто-я´нного ~а** миркалъго чIараб бакI

ЖИ́ТНИЦА *ж* 1) *уст.* (*амбар*) нахъарукъ, тIорщел жанибе балеб бакI 2) *перен.* тIорщел цIакъ бачIунеб, цогидал бакIалги жинца хьихьулеб ракь

ЖИТЬ *несов. в разн. знач.* бетIербахъи гьабизе, рукIине (*дунялалда*), гIумру гьабизе; **~ свои´м трудо́м** жиндирго захIаталдалъун бетIербахъи гьабизе; **~ свои´м умо́м** жиндирго гIакълуялда хIалтIизе (*чияда хадув инчIого*), живго жиндаго чIаравлъун вукIине; **он живёт в Гуни´ бе** дос гIумру Гъуниб гьабулеб буго

ЖИТЬ//Ё *с разг.* 1) бетIербахъи, магIишат, рукIа-рахъин; **приво́льное ~ё** гьарзояб бетIербахъи ◊ **нет ~я´** *от кого-л.* рахIат толаро *лъицаниги лъиениги*; малъ къосинабула *лъицаниги лъилниги*; **нам ~я´ не даю´ т** нижее рахIат толаро, нижер малъ къосинабулеб буго

ЖИТЬЁ-БЫТЬЁ *с* рукIа-рахъин

ЖИ´ ТЬСЯ *несов.* гIумру гьабизе, бетIербахъи гьабизе (*кинал рукIаниги шартIазда*); **ему́ живётся хорошо́** досул лъикIаб бе-тIербахъи буго

ЖМУ, жмёшь *и т. д. наст. от* **жать**[1]

ЖМУ´ РИТЬ *несов. что* рукIкIинаризе, къварид гьаризе (*берал*); **~ глаза́** берал рукIкIинаризе (къварид гьаризе)

ЖМУ´ РИТЬСЯ *несов.* къварилъизе, рукIкIие (*берал*)

ЖМУ´ РКИ *мн.* къапу, рахчирукъ, бещцазинкIкI (*беразда жоги бухьун, цояс цогидал кколеб расанди*); **игра́ть в ~** рахчирукъ хIазе

ЖМУСЬ, жмёшься *и т. д. наст. от* **жа́ться**

ЖМЫХИ´ *мн.* (*ед.* **жмых** *м*) *с.-х.* жмых (*нах бахъулел хурдузул хутIи́, мас., бакъдебуссалъул ва ц.*); **льняны́е ~** лъолъол жмых; **оли́ вковые ~** зайтуналъул жмых

ЖНЕ́ЙКА *ж с.-х.* лъилъарулеб машина

ЖНЕЦ *м* лъилъарухъан

ЖНИВЬЁ *с* 1) (*поле, где сжат хлеб*) тIорщел лъилъараб хур 2) лъилъарулаго гъоркь хутIулеб сумал ахалъи 3) *обл.* (*жатва*) лъилъари, лъилъарулеб заман

ЖНИ´ ЦА *ж* лъилъарухъан (*чIужугIадан*)

ЖНУ, жнёшь *и т. д. наст. от* **жать**[2]

ЖОКЕ́Й *м* чотIахъан

ЖОМ *м* жом (1. *тех. щибниги жо къан цIулеб пресс;* 2 *щибниги къан цIун хутIараб жо, хутIел*)

ЖОНГЛЁР *м* жонглёр (*циркалъул артист, кIудияб махщалида квераз цо чанго предмет цадахъ басандизабулев чи*)

ЖОНГЛИ́РОВАТЬ *несов.* 1) жонглёрлъи гьабизе 2) *перен.* хIужжаби лебалго жиндие бокьухъе хIалтIизаризе

ЖРАТЬ *несов. груб. что* квине, кваназе (*хъантIун*), гIемер къулчIизе, кIкIвине

ЖРЕ́БИЙ *м* **1.** можоро; **бро́сать ~** можоро тIамизе; **~ пал на меня́** можоро диде ккана **2.** *перен. уст.* (*судьба, участь*) къадар, къисмат

ЖРЕЦ *м,* **жри́ ца** *ж* 1) *рел.* жрец, кагьин (*некIсиял диназулъ: аллагьасе, жиндие сужда гьабулеб жояльe хъулухъ гьабулев, къурбан тIобитIулев чи*) 2) *чего перен.* жиндирго гIумру (рух1) цо ишальe кьолев чи; **~ нау́ки** гIелмуялъе гIумру кьурав чи

ЖРУ, жрёшь *и т. д. наст. от* **жрать**

ЖУ´ ЖЕЛИЦА *ж* сардил оцхIутI, зузудиро

ЖУЖЖА́НИЕ *с* 1) зузуди 2) *перен.* (*надоедливое повторение*) цого жо бицун, бизар гьаби (чIалгIинаби)

ЖУЖЖА́//ТЬ *несов.* 1) зузудизе; **комары́ ~т** кIкIури зузудулел руго 2) цого жо бицун, бизар гьабизе

ЖУК *м* 1) *зоол.* оцхIутI; **навóзный ~** ракуоцхIутI (гъосоцхIут1) 2) *перен.* (*плут*) хIиллачи, макручи, айгъур

ЖУ´ ЛИК *м* жуликI

ЖУЛИКОВА́Т//ЫЙ, -ая, -ое *разг.* жуликIмахIав

ЖУЛЬЁ *с собир. разг.* жуликIал, цIогьал

ЖУ́ЛЬНИЧАТЬ *несов. разг.* жуликIлъи гьабизе (хIиллаякIкI гьабизе)

ЖУ́ЛЬНИЧЕСКИЙ, -ая, -ое макруяб, хIиллаяб, хIиллаякIкIалъулаб; хиянатаб, жуликIасулаб

ЖУ´ ЛЬНИЧЕСТВО *с* жуликIлъи

ЖУ´ ПЕЛ *м* богIоло

ЖУРАВЛЁНОК *м* къункърадул тIинчI

ЖУРАВЛИ́Н//ЫЙ, -ая, -ое *зоол.* къункърадул; къункърабазул; **~ая ста́я** къункърабазул тIел

ЖУРА́ВЛЬ *м* 1) *зоол.* къункъра 2) (*у колодца*) могорогIер (*гъуялъуса лъим эхеде бахъизе бугеб*)

ЖУРИ́ТЬ *несов. кого разг.* лъидениги дагьавго семизе, бадибчIвай гьабизе

ЖУРНА́Л *м в разн. знач.* журнал; **ежеме́сячные ~ы** щибаб моцIролал журналал; **мо́дный ~** модаялда рекъараб (мода бугеб) журнал; **кла́ссный ~** классалъул журнал; **путево́й ~** сапаралъул(аб) журнал; **ва́хтенный ~** вахтаялъул(аб) журнал

ЖУРНАЛИ´ СТ *м* журналист

ЖУРНАЛИ́СТИКА *ж* журналистика (*журналазул ва газетазул литературияб хIалтIи, журналазда ва газетазда литературияб ва публицистикияб хIалтIи*)

ЖУРНАЛИ´ СТКА *ж* журналистка

ЖУРНА́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое журналалъул(аб); **~ая статья́** журналалъул (журналалда бугеб) статья

ЖУРЧА́НИЕ *с* гIал-гIали, чили, чвал-чвали (*лъадал*); **~ ручейка́** лъарал чили

ЖУРЧ//А́ТЬ *несов.* 1) чилизе, чвал-чвализе, гIал-гIализе; **ручьи́ ~т** лъар гIал-гIалиялда буго 2) *перен.* (*звучать*) ргIизе; **речь его́ ти́хо ~и́т** досул калам (кIалъай) гIодобе биччан, гьаругьинан ргIулеб буго

ЖУ́ТК//ИЙ, -ая, -ое 1) ракI хIинкъулеб (хIинкъизабулеб); хIинкъи ккезабулеб, кара биххизабулеб; **~ие мы́сли** ракI хIинкъизабулел пикраби 2) *перен.* цIакъ кутакаб; **~ий хо́лод** цIакъ кутакаб квач

ЖУТЬ *ж разг.* **1.** ракI хIинкъи (биххи), кара биххи; ракI къварилъи **2.** *в знач. сказ. прост.* **~!** битIахъе къиямасеб къо!

ЖУЮ´ , жуёшь *и т. д. наст. от* **жева́ть**

ЖЭК (*жилищно-эксплуатационная контора*) жэк (*минабаздаса пайда босияльулаб контора*)

ЖЮРИ´ *с нескл. собир.* жюри (*выставкабазда, конкурсазда, къецазда бакIал, сайгъатал къезе хIукму гьабулеб бищун тараб къокъа*)

З

ЗА[1] *предлог* **1.** *с вин. п.* 1) (*на вопр. «куда»*) … тун добехун, къватIибехун; -да нахъа: **уе́хать за́ город** шагьар тун, къватIиве ине; **сесть за стол** столалда нахъа гIодов чIезе 2) (*указывает на начало действия*) -де; **взя́ться за рабо́ту** хIалтIуде тIаделъизе (байбихьизе); **приня́ться за учёбу** цIалуде (цIализе) байбихьизе 3) (*в течение, в продолжение*) -да жаниб, -алъ, -ялъ; **сде́лать рабо́ту за час** хIалтIи цо сагIаталда жаниб лъугIизабизе; **за э́тот пери́од** гьеб заманаялъ, гьеб заманаялда жаниб; **за всю мою́ жизнь** тIубараб дир гIумруялда жаниб 4) (*до, раньше*) хутIараб заманалда; **за час до отхо́да по́езда** поезд ине сагIат хутIараб заманалда; **за два ме́сяца до сро́ка** болжалалдаса кIиго моцIалъ цебе 5) (*позднее, больше, сверх*) -даса цIикIкIунги (хадубги, тIадеги, нахъеги); **бесе́да зашла́ за́ полночь** гара-чIвари сордо бащалъаралдаса хадубги халат бахъана; **ему́ далеко́ за со́рок** досул кIикъогоялдасаги цIикIкIун сонал руго 6) (*на расстоянии*) манзилалъ; **за три киломе́тра отсю́ да** гьаниса лъабго километралъул манзилалъ 7) (*ради, в пользу кого-л.*) гIоло; **борьба́ за мир во всём ми́ре** тIолго дунялалда ракълие гIоло къеркьей 8) (*в обмен, по какой-л. цене*) -хъ; **купи́ ть за рубль** гъурщихъ босизе 9) (*при обозначении лица, предмета, которые берут, которых касаются*) ккун, -да; **вести́ за́ руку** квер ккун, вачине; **заде́ть за кры́шу до́ма** рукъалъул тIохалда базе (хъвазе) I0) (*при обозначении лица, предмета, вызывающих какие-л. чувства*) -хъ; **благодарю́ вас за биле́т** баркала дуе билеталъухъ I1) (*вместо, взамен*) бакIалда; **подписа́ться за негра́мотного** хъвазе-цIализе лъаларесул бакIалда гьолбас гьабизе I2) *с вин. и тв. п.* (*по причине*) гIоло, -хъ, -лъ; **цени́ ть за хра́брость** бахIарчилъиялъе гIоло къимат (къадру) гьабизе; **за отсу́тствием вре́мени** заман гьечIолъиялъ **2.** *с тв. п.* 1) (*на вопрос “где”*) нахъа; нахъехун, добехун, доб рахъалда, къватIибехун; **за реко́й** гIурул доб ргIалда, гIор бахун, добехун; **стать за де́ревом** гъотIода нахъа чIезе 2) (*во время какого-л. действия*) -лъул, -да, -го, мехалъ, заманалда; **за рабо́той** хIалтIулелъул, хIалтIулаго, хIалтIулеб мехалъ (заманалда) 3) (*позади, вслед, чередуясь*) хадуб; **иди́ те за мной** дида хадур рачIа; **оди́ н за други́ м** цоясда хадув цояв; **шаг за ша́гом** дагь-дагь ккун; **чита́ть кни́ гу за кни́ гой** цоялда хадуб цоги тIехь цIализе 4) (*вследствие*) -лъ, -лъул; **за недоста́точностью** къваригIунарелъул, къваригIунеб гьечIолъиялъ 5) (*с целью*) хадув; -зе, -не; **пойти́ за водо́й** лъел цIезе, лъеда хадув ине; **посла́ть за до́ктором** тохтирасда хадув витIизе; **о́чередь за биле́тами** белтазда хадуб очередь (ирга) 6) (*при обозначении лица или предметов, на которое направлено действие*) -хъ; **уха́живать за больны́м** унтарасухъ балагьизе 7) (*при обозначении лица, которому присуще какое-л. свойство*) -ул, ухъ; **за ним замеча́ется така́я привы́ чка** досул гьединаб гIамал букIин бихьулеб буго 8) (*при обозначении лица, которое должно платить, сделать что-л.*) -да, -даса, -хъа; **за мной рубль** дида гъурщил налъи буго 9) (*в знач. предлога “с”*) -гун; **прика́з за по́дписью дире́ктора** директорасул гьолбасгун приказ ◊ **вы́ йти за́муж** *за кого-л. лъиениги* росасе ине; **быть за́мужем** *за кем-л. лъиданиги* ригьнада (росасда) йикIине; **о́чередь за ва́ми** ирга дуде щвана; **рабо́тать за двои́х** кIигоясул бакIалда хIалтIизе; **за ва́ше здоро́вье!** нужер сахлъиялдасан!

ЗА[2] *частица:* **что за челове́к!** гьавго щив (кинав) чи! **что за пого́да!** а) (*о хорошей погоде*) бугеб лъикIаб гьава-бакъ (къо)!; б) (*о плохой погоде*) гьава-бакъалъул квешлъи бихьулищ!

ЗА- *приставка* **1.** *батIи-батIияб магIналъул глаголал лъугьинарула* 1) *иш байбихьи магIна*, *мас.*: **заболе́ть** унтизе лъугьине (байбихьизе); **запе́ть** кечI ахIизе лъугьине (байбихьизе) 2) щвей,

щвезаби *кибениги*, *мас.*: **засла́ть** витIун щвезавизе *кивениги* 3) ккколелдаса цикIкIин, гIорхъолъа борчIи, *мас.*: **закорми́ть** гIорхъолъа ворчIун, кваназавизе **2.** *доб рахъалда бугеб абураб магIнаялъул предметиял цIарал ва прилагательноял лъугьинарула, мас.*: **зарéчье** гIурул доб рахъалда бакI; **за́городный** шагьар тун къватIибехунисеб

ЗААЛЕ́//ТЬ *сов.* 1) (*стать алым*) багIарлъизе лъугьине, багIарлъизе; **~л вост**о́**к** а) бакъбаккул рахъ багIарлъизе лъугьана б) бакъбаккул рахъ багIарлъана 2) (*показаться – об алом*) ба-гIарлъун бихьизе

ЗААПЛОДИ́ РОВАТЬ *сов. кому-чему и без доп.* хъат чIвазе байбихьизе, хъат чIвазе; **как то́лько он появи́лся, весь зал зааплоди́ровал** дов цеве ваккаравго, тIолабго залалъ кутакалда хъат чIвазе байбихьана

ЗААРЕНДОВА́ТЬ *сов. что* ижараялъе босизе

ЗААРКА́НИТЬ *сов.* горбоде квар рехун, кквезе

ЗААРТА́ЧИТЬСЯ *сов. разг.* разилъунгутIизе, данде чIезе лъугьине

ЗААСФАЛЬТИ́ РОВАТЬ *сов. что* хъил тIезе

ЗАБА́В//А *ж* ракIгъей, аваданлъи; **де́тские ~ы** лъималазул расандаби

ЗАБАВЛЯ́ТЬ *несов. кого-что* ракI гъезабизе (*лъилниги*); **~ дете́й игру́шками** расанкIабаздалъун лъималазул ракI гъезабизе

ЗАБАВЛЯ́ ТЬСЯ *несов.* ракIгъей гьабизе (*жинцаго жиндиего*), ракI гъун вукIине

ЗАБА́ВНИК *м разг.* махсарачи, ихтилатчи, ракI гъезабулев чи

ЗАБА́ВНО 1. *нареч.* кепалда, тамашаго, гIажаибго; **он расска́зывает ~** дос кепалда бицунеб буго **2.** *в знач. сказ.* тамашаго (гIажаибго) бихьизе (рагIизе); гIажаиблъи (тамашалъи) гьабизе; **мне ~** а) дие кеп щола б) дица гIажаиблъи (тамашалъи) гьабула

ЗАБА́ВН//ЫЙ, -ая, -ое кепаб, гIажаибаб, тамашаяб; **~ая карти́нка** гIажаибаб сурат; **~ый слу́чай** тамашаяб (гIажаибаб) лъугьа-бахъин

ЗАБАЛЛОТИ́ РОВАТЬ *сов. кого-что* вищичIого тезе (*рищиялъе кандидатура лъурав чи*); **~ кандида́та** кандидат вищичIого тезе

ЗАБА́ЛТЫВАТЬСЯ *несов. см.* **заболта́ться**

ЗАБАРАБА́НИ//ТЬ *сов.* къали кIутIизе лъугьине, тIвар-тIвари бахъине; **дождь ~л по кры́ ше** тIохда цIадал тIвар-тIвари бахъана

ЗАБАРРИКАДИ́ РОВАТЬ *сов. что* сангар гьабун, нух къазе; **~ вхо́ды и вы́ходы** жанире унелги къватIире рачIунелги нухал, сангарал гьарун къазе

ЗАБАРРИКАДИ́ РОВАТЬСЯ *сов.* сангарги къан, нахъа чIезе (рахчизе)

ЗАБАСТОВА́ТЬ *сов.* забастовка гьабизе

ЗАБАСТО́ВК//А *ж* забастовка, хIалтIи рехун тей (*цо хасаб мурадалда*); **всеоо́бщая ~** киназего гIаммаб (киналго гIахьаллъараб) забастовка; **объяви́ ть ~у** забастовка лъазабизе

ЗАБАСТО́ВОЧНЫЙ, -ая, -ое забастовкаялъул(аб); **~ комите́т** забастовкаялъулаб комитет

ЗАБАСТО́ВЩИК *м* забастовкачи, забастовкаялъулъ гIахьаллъулев чи

ЗАБАСТО́ВЩИЦА *ж* забастовщица, забастовкаялъулъ гIахьаллъулей гIадан

ЗАБВЕ́НИ//Е *с* кIочонтей; **преда́ть** *что-л.* **~ю** кIочон тезабизе; кIочоне, кIочаралъун тезе

ЗАБЕ́Г *м спорт.* рекери; **~ на пятьсо́т ме́тров** щунусго метралъ рекери

ЗАБЕ́ГА//ТЬ *сов.* рекерахъдизе лъугьине; **при приближе́нии по́езда все ~ли** поезд гIагарлъидал, киналго рекерахъдизе лъугьана

ЗАБЕ́ГАТЬ *несов. см.* **забежа́ть**

ЗАБЕ́ГАТЬСЯ *сов. разг.* (*утомиться*) векерахъдун (гIемер векерун) сваказе

ЗАБЕЖА́ТЬ *сов.* 1) векерун жаниве ине; векерун унаго, кивениги ккезе; **~ во двор** векерун азбаралъуве ине; векерун унаго, азбаралъуве щвезе (ккезе) 2) *разг.* (*зайти ненадолго*) ваккизе (*къокъаб заманаялъ*); **~ к дру́гу** гьудуласухъе ваккизе 3) (*убежать далеко*) рекерун унаго, рикIкIаде, рикIкIадаб бакIалде ккезе 4) (*быстро зайти со стороны*) кIанцIизе (*гьоркьобе, гъорлъе, цебе*); **~ вперёд** цебе кIанцIизе

ЗАБЕЛЕ́ТЬ *сов.* 1) (*начать белеть*) хъахIлъизе байбихьизе (лъугьине) 2) (*показаться – о белом*) хъахIлъун бихьизе

ЗАБЕ́ЛИВАТЬ *несов. см.* **забели́ ть**

ЗАБЕЛИ́ ТЬ *сов. что разг.* хъахI гьабизе; **~ стёкла о́кон** гордазул цIурдул хъахI гьаризе 2) (*приправить*) хъахIлъи гъорлъ жубазе, хъахIлъизабизе; **~ чай молоко́м** рахьдаца чай хъахIлъизабизе

ЗАБЕРЕ́МЕНЕТЬ *сов.* къинаб бахъине (лъугьине), лъимер ккезе

ЗАБЕСПОКО́ИТЬСЯ *сов.* ургъел чIвазе (гьабизе); тIалаб-агъаз гьабизе

ЗАБИВА́ТЬ *несов. см.* **заби́ ть** I – 6

ЗАБИВА́ТЬСЯ *несов. см.* **заби́ ться**

ЗАБИНТОВА́ТЬ *сов.* катан къазе (бухьине); **~ па́лец** килщида катан къазе (бухьине)

ЗАБИНТО́ВЫВАТЬ *несов. см.* **забинтова́ть**

ЗАБИРА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **забра́ть(ся)**

ЗАБИ́ТЫЙ, -ая, -ое (*запуганный*) хIинкъизавурав, хIинкъарав; гIакъуба бихьарав, къварид гьавурав

ЗАБИ́ //ТЬ[1] *сов.* 1) *что* (*вбить*) чIвазе, къазабизе; **~ть гвоздь** магI чIвазе; **~ть клин** лъутI чIвазе 2) *что спорт.* кьабизе; **~ть мяч в воро́та проти́вника** дандеясул (дандеязул) кавабахъе торгIо кьабизе 3) *что* (*заделать наглухо*) бацизе; **~ть окно́ до́сками** горду, хъарщи чIван, бацизе 4) *что* (*заполнить до отказа*) цIезабизе; **~ть сара́й се́ном** гьор бугIун харил цIезабизе 5) *кого-что* (*замучить побоями*) вухун гIазаб кьезе, вухизе 6) *кого-что* хъвезе; **~ть быка́ на мя́со** гьанае оц хъвезе 7) *что разг.* (*заглушить – о растениях*) гьанкъизабизе; **сорня́к ~л** чIараца гьанкъизабуна ◊ **~ть** *кому-л.* **го́лову пустяка́ми** къваригIел гьечIел жалаз бетIер цIезабизе (гIадал гьабизе)

ЗАБИ́ //ТЬ[2] *сов.* (*начать бить*) 1) (*о часах и т. п.*) кьабизе байбихьизе; **часы́ ~ли двена́дцать** сагIтица анцIила кIиго кьабизе байбихьана 2) (*об источнике и т. п.*) кIанцIизе; **из сква́жины ~ла нефть** скважинаялъусан чIегIернарт (нефть) кIанцIана

ЗАБИ́//ТЬСЯ[1] *сов.* 1) *разг.* (*спрятаться*) рахчун (тIепун, кьерун) чIезе; **~ться в у́гол** бокIнилъ тIепун (кьерун) чIезе 2) (*наполниться, засориться*) цIезе, бацизе; **труба́ ~лась гря́зью** рогIоро хIарщуца (щалаялъ) бацун буго 3) (*проникнуть куда-л.*) жанибе борчIизе (бачIине); **снег ~лся в ще́ли** кьватIелазулъе гIазу бачIун буго (гIазуца кьватIалаби рацун руго)

ЗАБИ́ //ТЬСЯ[2] *сов.* (*начать биться*) твархезе; кьабезе; **се́рдце ~лось** ракI кьабезе лъугьана

ЗАБИЯ́КА *м, ж разг.* къедалав, питначи, кьацандухъан

ЗАБЛАГОВРЕ́МЕННО *нареч.* гIуждаго, ригьдаго; **~ извести́ ть** гIуждаго (ригьдаго) лъазабизе

ЗАБЛАГОРАССУ́ДИ//ТЬСЯ *сов. безл.* лъикI бихьизе, битIараблъун бихьизе; **он де́лает всё, что ему́ ~тся** жиндаго лъикI бихьа-бихьараб гьабула дос

ЗАБЛЕСТЕ́ТЬ *сов.* 1) (*стать блестящим*) кенчIезе лъугьине, кунчIизе 2) (*показаться – о блестящем*) кенчIолеб бихьизе

ЗАБЛЕ́ЯТЬ *сов.* багIадизе (гьадизе) лъугьине (*гIи, цIцIани*)

ЗАБЛИСТА́ТЬ *несов. см.* **заблесте́ть**

ЗАБЛУДИ́//ТЬСЯ *сов.* къосине, нухдаса итизе, нух къосун ккезе; **мы ~лись в лесу́** ниж рохьор нух къосун ккана ◊ **~ться в трёх со́снах** *букв.* лъабго накIкIигъотIода гьоркьоб нух къосун ккезе (захIматал гурел шартIазда мекъи ккезе, нух батунгутIизе)

ЗАБЛУЖДА́//ТЬСЯ *несов.* гъалатI ккезе, хатIалъизе, мекъаб пикруялде ккезе; **вы ~етесь** мун мекъаб пикруялда вуго

ЗАБЛУЖДЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **заблужда́ться**) гъалатI ккей, мекъи ккей, къосин; гьересияб (мекъаб) пикру; **ввести́ в ~** мекъи ккезабизе

ЗАБОДА́//ТЬ *сов. кого-что* лълъар тункизе (базе); **коро́ва ~ла ма́льчика** гIакдаца васасда лълъар бана (васасде багъана)

ЗАБО́Й[1] *м горн.* ганчIил тIурччи, магIдан бахъулеб бакI *(шахтаялда)*; магIдан бахъулев чиясул хIалтIул бакI

ЗАБО́Й[2] *м* (*по гл.* **заби́ ть**) хъвехъи; **~ скота́** боцIи хъвехъи

ЗАБО́ЙЩИК *м* забойщик (*ганчIил тIурччи ва ц. магIданал рахъулев хIалтIухъан)*

ЗАБОЛА́ЧИВАНИЕ *с* **1.** (*по гл.* **заболáчивать**) хьуцI лъугьинаби, хьуцIиде буссинаби **2.** (*по гл.* **заболáчиваться**) хьуцI лъугьин, хьуцIиде буссин

ЗАБОЛА́ЧИВАТЬ *несов.* хьуцI лъугьинабизе, хьуцIиде буссинабизе

ЗАБОЛА́ЧИВАТЬСЯ *несов.* (*о почве*) хьуцIиде буссине, хьуцIахине

ЗАБОЛЕВА́ЕМОСТЬ *ж* унти ккеялъул (унти ккаразул) къадар

ЗАБОЛЕВА́НИ//Е *с* **1.** (*по гл.* **заболевáть**[1)] унти ккей (щвей), унти; **момéнт ~я** унти ккараб (щвараб) мех **2.** (*болезнь*) унти, щокълъи; **тяжёлое ~е** захIматаб унти

ЗАБОЛЕ́ТЬ[1] *сов.* (*стать больным*) унти ккезе, унтизе, щокълъизе; **~ гри́ ппом** гриппалъ унтизе

ЗАБОЛЕ́//ТЬ[2] *сов.* 1) (*начать болеть*) унтизе лъугьине; **у меня́ ~ла голова́** дир бетIер унтизе лъугьана 2) (*увлечься чем-л.*) *щибниги* гIемер бокьизе, *сунденги* машгъуллъизе; **~л са́дом, цветáми** ахиде, тIугьдузде машгъуллъана

ЗАБОЛО́ТИ//ТЬСЯ *сов.* хьуцIиде буссине, хьуцIахине; **луг ~лся** мечI (харибакI, сага) хьуцIахана (хьуцIиде буссана)

ЗАБОЛО́ЧЕНН//ЫЙ, -ая, -ое хьуцIахараб, хьуцIиде буссараб; **~ые зéмли** хьуцIахарал (хьуцIиде руссарал) ракьал

ЗАБОЛТА́ТЬ *сов. разг.* 1) (*начать болтать*) чвалхезабизе (хьвагIезабизе) лъугьине 2) багъаризе; жубазабизе, билъизабизе; **~ яйцó в суп** чурпаялда гъорлъ хоно жубазабизе

ЗАБОЛТАТЬСЯ[1] *сов. разг.* дал-далун хьвагIезе лъугьине

ЗАБОЛТА́//ТЬСЯ[2] *сов. разг.* чIанаялде машгъуллъизе, чIана бицунаго, заман ине; **мы ~лись и чуть не проéхали свою́ остановку** ниж чIанаялде машгъуллъана ва рещтIине кколеб бакI нахъа тезе дагьаб хутIана

ЗАБО́Р *м* чали, хъорщол къед (*ахида сверун гьабураб*); **обнести́ сад ~ом** ах сверун чали къазе

ЗАБО́Т//А *ж* 1) тIалаб-агъаз, милат; **проявúть ~у** тIалаб-агъаз (милат) гьабизе 2) (*беспокойство, хлопоты*) тIаде ккараб къо, ургъел; **жить без ~** ургъел гьечIого, гIумру тIамизе ◊ **не моя́ ~а** (гьеб) дир иш гуро

ЗАБО́ТИ//ТЬСЯ *несов. о ком-чем* 1) (*проявлять заботу*) тIалаб-агъаз (милат) гьабизе 2) *разг.* (*беспокоиться*) ургъел гьабизе; **он ни о чём не ~тся** дос сундулго ургъел гьабуларо, досие сундулго ургъел букIунаро

ЗАБО́ТЛИВО *нареч.* ракI букIун, агъаз (ургъел, милат) гьабун

ЗАБО́ТЛИВОСТЬ *ж* кIвар (агъаз, тохал) буголъи, ракI бугеб балагьи

ЗАБО́ТЛИВЫЙ, -ая, -ое ракI (агъаз, тохал) бугев, жинца ургъел (милат) гьабулев; **~ отéц** агъаз (тохал) бугев эмен; **~ хозя́ин** агъаз бугев бетIергьанчи (хозяин)

ЗАБРАКОВА́ТЬ *сов. кого-что* брак гьабизе, нахъчIвазе; ярагьунареблъун рикIкIине; **~ това́р** къайи нахъчIвазе (брак гьабизе)

ЗАБРА́ЛО *с ист.* такъия (*некIо рагъда лъолеб букIараб маххул тIагъуралъул гьумер бацулеб бутIа*) ◊ **с откры́тым (по́днятым) ~м** тене-хьеней гьечIого, ракIалда бугеб жо бахчи-чIого, ракI рагьун

ЗАБРА́СЫВАТЬ[1] *несов. см.* **заброса́ть**

ЗАБРА́СЫВАТЬ[2] *несов. см.* **забро́сить**

ЗАБРА́//ТЬ *сов.* 1) *кого-что* (*взять*) босизе; **~ть с собо́й кни́-ги** жиндаго цадахъ тIахьал росизе 2) *кого-что* (*захватить*) бахъизе; кквезе; **~ть в плен** асирлъуде восизе, асир гьавизе 3) *что* (*сузить, ушить*) букъун къокъ (гьитIин, чIедер, къварид) гьабизе; **~ть в шов** кьогIокье бачине 4) *кого перен. разг.* (*овладеть, охватить – о чувствах*) къвал базе; кверщел гьабизе; кодобе босизе; **его́ ~л страх** досда хIинкъиялъ къвал бана, дов хIинкъиялъ кверде восана ◊ **~ло за живóе** кIудияб (кутакаб) асар гьабуна; **~ть себе́ в го́лову** пикруялъ босараб цо жо ккун, тIирун чIезе

ЗАБРА́ТЬСЯ *сов.* 1) (*залезть, вскарабкаться*) рахине; **~ на высóкое де́рево** борхатаб гьотIоде рахине 2) (*проникнуть внутрь*) жанире лъугьине (*цIогьохъе*); **~ в чужóй дом** чияр рокъоре лъугьине 3) (*под что-л.*) гъоркье лъугьине; **~ под одея́ ло** юргъаналда гъоркье лъугьине 4) (*зайти далеко*) рикIкIаде ине (ккезе); **~ в глубь ле́са** рохьил гъварилъуде щвезе (ккезе)

ЗАБРЕДА́ТЬ *несов. см.* **забрести́**

ЗАБРЕ́ЗЖИ//ТЬ *сов.* 1) (*начать слабо светиться*) кунчIизе; **в темноте́ ~л огонёк** бецIлъукь цIадул кунчIи баккана, бецIлъуда цIа кунчIана 2) *безл.* (*о рассвете*) хъахIлъи базе; **чуть ~ло, мы отпрáвились в путь** хъахIлъи базе байбихьарабго, ниж нухда рахъана

ЗАБРЕ//СТИ́ *сов. разг.* 1) (*зайти мимоходом*) нух къосун, *кириниги* ккезе (щун ратизе); **~сти в чужóй двор** чияр азбаралъуре ккезе 2) (*уйти далеко*) рикIкIаде щвезе (ине); **они́ ~ли далекó в гóры** дол рикIкIаде мугIрузде щвана

ЗАБРОДИ́ ТЬ *сов.* (*о тесте, квасе*) беччизе лъугьине (*чIагIа ва ц.*)

ЗАБРОНИ́ РОВАТЬ *сов. кого-что* цебеккунго бакI кквезе; **~ мéсто в купéйном вагóне** купеялъулаб вагоналда цебеккунго бакI кквезе

ЗАБРОНИРОВА́ТЬ *сов.* броня (чаран-махх) тIад кквезе (*гуллидаса ва ц. цIунизелъун*)

ЗАБРОСА́ТЬ *сов. кого-что чем* (*закидать*) *щибниги* бан (рехун), цIезабизе, бахчизабизе; **~ я́ му песко́м** гвенд, сали бан, цIезабизе; **~ арти́стов цвета́ми** артистал тIугьдузулъ рахчизаризе (*гIемерал тIугьдул рехизе*) ◊ *~ кого-л.* **вопро́сами** *лъиениги* тIатIала гIемерал суалал кьезе

ЗАБРО́СИ//ТЬ *сов.* 1) *кого-что* (*закинуть*) *кибениги яги рикIкIадегIан* рехизе; **~ть мяч на кры́шу** торгIо тIохде рехизе 2) *кого-что перен. кибениги* щвезабизе; **война́ ~ла меня́ в э́тот городо́к** рагъалъ рехана, щвезавуна дун гьаб шагьаралде 3) *кого-что* (*перестать заботиться*) рехун тезе, тIаса квер босун, тезе; **~ть хозя́йство** магIишат рехун тезе 4) *что разг.* (*доставить, завести*) рехизе, щвезабизе; **~ть това́ры** къайи рехизе 5) *что* лъезе; **~ть но́гу на́ ногу** бохалде бох бахинабизе (лъезе)

ЗАБРО́ШЕНН//ЫЙ, -ая, -ое рехун тараб, чIунтизе тараб; **~ое хозя́йство** чIунтизе тараб магIишат, рехун тараб магIишат

ЗАБРЫ́ ЗГАТЬ *сов. кого-что* пунхъизе, тIирагъинабизе, тIираби речIчIизаризе (чIинкьизаризе); **~ пла́тье гря́зью** гурдида хIарщул тIираби речIчIизаризе

ЗАБРЫ́ ЗГАТЬ(СЯ) *сов.* тIирагъине, тIираби щвезе (речIчIизе)

ЗАБРЫ́ ЗГИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **забры́ згать(ся)**

ЗАБУЛДЫ́ ГА *м* саяхъ, лоти, вичча-вихъан тарав чи

ЗАБЫВА́ТЬ *несов. см.* **забы́ ть**

ЗАБЫВА́ТЬСЯ *несов.* 1) *см.* **забы́ться** 2) (*впадать в беспамятство*) лъавудаса ине

ЗАБЫ́ ВЧИВОСТЬ *ж* ракIалда жо чIунгутIи, хехго жо кIочон тей

ЗАБЫ́ВЧИВЫЙ, -ая, -ое ракIалда жо чIоларев, хехго жо кIочон толев; **~ челове́к** ракIалда жо чIоларев чи

ЗАБЫ́ Т//ЫЙ, -ая, -ое кIочон тараб; **~ые ве́щи** кIочон тарал жал

ЗАБЫ́ //ТЬ *сов.* 1) *кого-что, о ком-чем и с неопр.* кIочон тезе, кIочене; **я ~л но́мер ва́шего телефо́на** дида кIочон тана дур телефоналъул номер; **~ть навести́ть знако́мых** лъалел-хъвалел чагIазухъе ваккизе кIочон тезе; **~ть оби́ду** ракIхвей кIочон тезе, ракIалда унтараб иш кIочон тезе 2) *кого-что* (*оставить где-л.*) хутIизе; **~ть очки́ до́ма** цIороберал рокъор хутIизе

ЗАБЫТЬЁ *с* 1) (*беспамятство*) рекIедаса (лъавудаса) ин 2) (*дремота*) гьапуллъи

ЗАБЫ́ //ТЬСЯ *сов.* 1) (*задремать*) гьапуллъизе 2) (*задуматься, отвлечься от чего-л.*) хиялазде (пикрабазде) машгъуллъизе 3) (*не сдержать себя*) гIоркьихъа ворчIизе 4) (*не сохраниться в памяти*) кIочене, кIочон тезе, ракIалда чIунгутIизе

ЗАВА́Л *м сундулниги* гохI, гъуни, сангар; **сне́жный ~** гIазул гъуни; **лесно́й ~** гъурарал гъутIбузул сангар (гохI, гъуни)

ЗАВА́ЛИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **завали́ ть(ся)**

ЗАВА́ЛИНКА *ж* сангар (*рукъалъул къа́дал чIван гIебеде бугеб ракьул тIуцаб сангар*)

ЗАВАЛИ́ //ТЬ *сов.* 1) *кого-что* (*засыпать*) цIезабизе (*жанибе бан*); **~ть я́ му песко́м** гвенд салуца (салул) цIезабизе 2) *кого-что* (*обвалом*) тIаде ччукIун (бан бачIун), бацизабизе, жаниб гъанкъизабизе, тIерхьинабизе; **доро́гу ~ло** тIаде ччукIун бачIун, нух бацун буго 3) *что чем разг.* (*загромоздить*) тIатIала бан, цIезабизе; **стол был зава́лен кни́гами** стол, тIатIала ран, тIахьазул цIезабун букIана; **магази́ны зава́лены това́рами** тукаби къайиялъ

цIезарун руго 4) *кого-что* (*чрезмерно загрузить*) гIемераб *жо* тIад къазе; **~ть рабо́той** гIемераб хIалтIи тIад къазе 5) *что разг.* (*обрушить*) биххизабизе, ччукIизабизе; **~ть сте́ну** къед биххизабизе 6) *что перен. разг.* бажарунгутIизе; **~ть экза́мен** экзамен кьезе (кьун) бажарунгутIизе

ЗАВАЛИ́ //ТЬСЯ *сов.* 1) (*упасть на что-л.*) *кибениги* бортун ине; **су́мка ~лась за сунду́к** таргьа (сумка) гьансида нахъе бортун ана 2) *разг.* (*обрушиться*) биххизе; **стена́ ~лась** къед биххана 3) *перен. разг.* битI ккунгутIизе, бажарунгутIизе; **~ться на экза́мене** экзаменалда битI ккунгутIизе 4) гIебеде чIвазе, вегизе, щапизе; **~ться спать** кьижизе вегизе (щапизе, гIебеде чIвазе)

ЗАВАЛЯ́ //ТЬСЯ *сов. разг.* бегун хутIизе, гIодобе рехун хутIизе; **письмо́ ~лось на по́чте** кагъат почалда бегун хутIана

ЗАВАЛЯ́ ЩИЙ, -ая, -ое *прост. лъиениги* хIажалъулареб; бегун (гIодобе рехун) хутIараб; **~ това́р** бегун хутIараб къайи

ЗАВА́РИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **завари́ ть(ся)**

ЗАВАРИ́ ТЬ *сов. что* гьалдолеб лъадалъе базе (*чай, кофе ва ц.*); **~ чай** тIаде гьалараб лъимги тIун, чай хIадуризе

ЗАВАРИ́ //ТЬСЯ *сов.* 1) лъугьине (*гьалдолеб лъадалъе бараб чай, кофе ва ц.*); **чай ~лся** чай лъугьана 2) *перен. разг.* багъаризе; **да, нехоро́шее де́ло ~лось** квешаб иш багъарана

ЗАВА́РК//А *ж* **1.** (*по гл.* **завари́ть**) гьалдолеб лъим тIаде тIей, гьалдолеб лъелъе бай (*чай, кофе ва ц.*) **2.** *разг.* заварка (*цо нухалъ гьабураб чай*); **ча́я оста́лось на одну́ ~у** цо заваркаялъе чай хутIун буго, цо нухалъ гьабизе (базе) чай хутIун буго

ЗАВЕДЕ́НИЕ *с* заведение; **вы́сшее учёбное ~** тIадегIанаб цIалул заведение

ЗАВЕ́ДОВАНИЕ *с* (*по гл.* **заве́довать**) заведующийлъун вукIин, бетIерлъи гьаби

ЗАВЕ́ДОВАТЬ *несов. чем* заведующийлъун вукIине, бе-тIерлъи гьабизе, тадбиралъул бетIерлъун вукIине; **~ отде́лом** отделалъул заведующийлъун вукIине, отделалъе бетIерлъи гьабизе

ЗАВЕ́ДОМО *нареч.* ургъунго, лъалаго; **~ ло́жные показа́ния** ургъунго (лъалаго) гьереси бицин (*судалда, цIех-рех гьабулелъул*)

ЗАВЕ́ДОМ//ЫЙ, -ая, -ое лъикI лъалеб, щаклъизе бакI гьечIеб, цебеккунго лъалеб; **~ая ложь** цебеккунго лъалеб гьереси

ЗАВЕ́ДУЮЩАЯ *ж* заведующая

ЗАВЕ́ДУЮЩИЙ *м* заведующий; **~ клу́бом** клубалъул заведующий

ЗАВЕЗТИ́ *сов.* 1) *кого-что* (*проездом, попутно*) нухда унелъул щвезабизе *щибниги кибениги*; **~ письмо́ по доро́ге** нухасан кагъат щвезабизе 2) *кого-что* (*увезти далеко*) рикIкIаде щвезабизе (*баччун*); **~ в глушь** тохаб, рикIкIадаб бакIалде щвезабизе (*баччун*) 3) *что разг.* (*доставить*) рехизе, щвезабизе; **~ това́ры в магази́н** тукаде къайи рехизе

ЗАВЕРБОВА́ТЬ *сов. кого-что* мухьдахъ кквезе; *цо кинаб бугониги* гIуцIиялда гьоркьове цIазе

ЗАВЕРБОВА́ТЬСЯ *сов.* мухьдахъ хIалтIизе ине; *цо кинаб бугониги* гIуцIиялде лъугьине

ЗАВЕРБО́ВЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **завербова́ть(ся)**

ЗАВЕРЕ́НИЕ *с* тасдикъ гьаби; божизари

ЗАВЕ́РИТЬ *сов.* 1) *кого-что в чем* божизаризе, божилъи кьезе; **~ в свое́й пре́данности и дру́жбе** жиндирго ракI-ракIалъулаб ритIухълъиялъеги гьудуллъиялъеги божилъи кьезе 2) *что* (*удостоверить*) тасдикъ (ритIухъ) гьабизе; **~ ко́пию докуме́нта** документалъул копия тасдикъ (ритIухъ) гьабизе

ЗАВЕРНУ́ ТЬ *сов.* 1) *кого-что* (*обернуть, закутать*) жемизе; **~ ребёнка в одея́ ло** лъимер одеялалъулъ жемизе 2) *что* (*подвернуть*) бакIаризе, гуризе; **~ рукава́** къвалал гуризе 3) (*свернуть в сторону*) сверизе; **~ за́ угол** цолода нахъе сверизе 4) *что* (*завинтить*) кьуризе (*бурав ва ц.*); кран кьуризе 5) *разг.* (*зайти мимоходом*) щвезе, ваккизе (*аскIосан унаго*); **прое́здом ~ домо́й** нухда унаго, рокъове сверизе (щвезе, ваккизе)

ЗАВЕРНУ́ //ТЬСЯ *сов.* 1) (*закутаться*) жиндаго тIад гуризе, жемизе; **~ться в одея́ ло** юргъаналда (одеялалда) гъорлъ жемизе 2) (*загнуться*) гурун ине; **рука́в ~лся** къвал гурун ана

ЗАВЕРТЕ́//ТЬ *сов. кого-что разг.* 1) *чем* (*начать вертеть*) терхезабизе лъугьине (байбихьизе); **ямщи́ к ~л кнуто́м** гьокочияс цIал хьвагIезабизе байбихьана 2) *перен. кого-что разг.* (*увлечь, закружить*) хадув цIазе, бетIер сверизабизе, къосинавизе

ЗАВЕРТЕ́//ТЬСЯ *сов.* 1) (*начать вертеться*) тиризе (ххенезе) лъугьине; **колесо́ ~лось** гьакибер ххенезе лъугьана 2) (*замучиться*) *кинаб бугониги ишалъ* цIакъ гIакъуба бихьизе; **~лись с детьми́** лъималгун цIакъ гIакъуба бихьана

ЗАВЁРТЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **заверну́ть(ся)**

ЗАВЕРША́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **заверши́ ть(ся)**

ЗАВЕРША́ЮЩ//ИЙ, -ая, -ое ахиралде (ргIалде) бахъунеб (щолеб), тIубалеб; **~ая ста́дия** ахиралде щолеб (тIубалеб) даража

ЗАВЕРШЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **заверши́ть**) тIубазаби, камил гьаби, ахиралде щвезаби, лъугIизаби **2.** (*по гл.* **заверши́ться**) лъугIи, тIубай, ахиралде щвей, камиллъи

ЗАВЕРШИ́ТЬ *сов. что* тIубазабизе, лъугIизабизе, ргIалде (ахиралде) щвезабизе; **~ весе́нний сев** ихдалил рекьи ргIалде бахъинабизе

ЗАВЕРШИ́//ТЬСЯ *сов.* тIубазе, лъугIизе, ргIалде (ахиралде) бахъине, камиллъизе; **строи́тельство до́ма ~лось** мина бан лъугIана

ЗАВЕ́С//А *ж* пардав; **дымова́я ~** кIкIуйдул пардав; **сне́жная ~** гIазулаб пардав ◊ **приподня́ ть ~у** бичIчIуларе6, лъаларе6 баян гьабизе

ЗАВЕ́СИТЬ *сов. что* пардав бигъизе, пардав бан (бигъун), бахчизабизе; **~ о́кно́** горда пардав бигъизе

ЗАВЕСТИ́ *сов.* 1) *кого-что* (*попутно*) щвезабизе; **~ дете́й в шко́лу** лъимал школалде щвезаризе 2) *кого-что* (*увести далеко*) рикIкIаде щвезабизе; **куда́ ты завёл нас?** кире дуца ниж щвезарурал? 3) *что* (*привести в движение*) кьуризе, хIалтIизе тIамизе (*сагIат ва ц.*); **~ часы́** сагIат кьуризе; **~ мото́р** мотор хIалтIизабизе 4) *кого-что* (*обзавестись чем-л.*) букIинабизе (*жиндирго, жидерго*); **~ кур** гIанкIуял хьихьизе; **~ библиоте́ку** библиотека букIинабизе 5) *что* (*установить, ввести*) гIуцIизе, чIезабизе; **~ но́вые поря́ дки** цIияб низам гIуцIизе (чIезабизе) 6) *что* (*начать*) байбихьизе, гьабизе; **~ разгово́р** кIалъай (гаргар) байбихьизе; **~ знако́мство** лъай-хъвай гьабизе

ЗАВЕ//СТИ́СЬ *сов.* 1) (*появиться*) баккизе, батизе; **в до́ме ~ли́ сь мы́ ши** рокъор гIункIкIал раккана 2) (*прийти в движение*) хIалтIизе лъугьине; **часы́ не ~ли́сь** сагIат хIалтIичIо (хIалтIизе лъугьинчIо)

ЗАВЕ́Т *м* васият; **~ы пре́дков** умумузул васиятал

ЗАВЕ́ТН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*сокровенный*) бищун бокьулеб, хирияб, анищ бугеб; **~ая мечта́** бищун бокьулеб анищ 2) (*секретный*) балъгояб, бахчараб; **~ый клад** балъгояб хазина

ЗАВЕ́ТРЕНН//ЫЙ, -ая, -ое гьородаса хьвараб; **с ~ой стороны́** гьородаса хьвараб рахъалдасан

ЗАВЕ́ТРЕ//ТЬ, заве́тре//ться *сов. разг.* бакъвазе (*гьури чIван*); **сыр ~л(ся)** хIан бакъвана

ЗАВЕЧЕРЕ́ТЬ *сов. безл. разг.* маркIачIумех щвезе, къасимех щвезе, рукIкIине

ЗАВЕ́ШАТЬ *сов. что чеем* разе, дализаризе; **~ сте́ны карти́ нами** тIолго къадазда суратал разе

ЗАВЕ́ШИВАТЬ[1] *несов. см.* **заве́сить**

ЗАВЕ́ШИВАТЬ[2] *несов. см.* **заве́шать**

ЗАВЕЩА́НИЕ *с* васият, васият гьаби; **сде́лать ~** васият гьабизе

ЗАВЕЩА́ТЕЛЬ *м жинца* васият гьабурав чи

ЗАВЕЩА́ТЕЛЬНИЦА *ж жинца* васият гьабурай гIадан

ЗАВЕЩА́ТЬ *сов. и несов. кого-что кому-чему и с неопр.* васият гьабизе

ЗАВЗЯ́ ТЫЙ, -ая, -ое тIаде босарав, тIад чIарав, унго-унгояв, цIакъ тIаделъарав; **~ охо́тник** унго-унгояв чанахъан; **~ спо́рщик** дагIбадизе бокьулев чи, тIад чIун дагIбадулев чи (дагIбадулав)

ЗАВИВА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **зави́ ть(ся)**

ЗАВИ́ ВКА *ж* **1.** (*по гл.* **зави́ ть**) рас (сап) кIургIизаби (кьуризаби) **2.** (*прическа*) кIургIизабураб катIари

ЗАВИ́ДНО *нареч.* **1.** бер чIегIерлъун, жахIда кколедухъ, урхъуледухъ; **он ~ здоро́в** дов урхъуледухъ (бахиллъуледухъ) чорхолъ витIун, сах вуго **2.** *в знач. сказ. кому безл.* бер чIегIерлъула, урхъула, жахIда ккола

ЗАВИ́ ДН//ЫЙ, -ая, -ое бер чIегIерлъулеб (бахиллъулеб), ракI урхъулеб (бахиллъулеб); **~ое здоро́вье** ракI бахиллъулеб сахлъи; **облада́ть ~ой па́мятью** бахиллъизарулеб ракIцIодорлъи букIине; **~ый жени́ х** урхъизе бегьулев бахIарав

ЗАВИ́ДОВАТЬ *несов. кому-чему* жахIда-хIусуд ккезе; ракI бахиллъизе (урхъизе); бер чIегIерлъизе

ЗАВИДУ́ЩЕ//ИЙ, -ая, -ее *разг.* жахIда бугев, хIал хъубав; берчIегIерлъи гьабулев; хъантIарав

ЗАВИЗЖА́ТЬ *сов.* цIирцIидизе

ЗАВИЗИ́ РОВАТЬ *сов. что* виза, рухса лъезе; ~ **па́спорт** паспорталда рухса, виза лъезе

ЗАВИЛЯ́ //ТЬ *сов.* 1) *чем* хьвагIезабизе, хьвагIезабизе лъугьине (байбихьизе); **щено́к ~л хвосто́м** тарщица рачI хьвагIезабуна 2) *перен. разг.* кьуркьудизе, кIичIардизе

ЗАВИНТИ́ТЬ *сов. что* кьуризе (*бурав ва ц.*); ~ **га́йку** гайка кьуризе

ЗАВИНТИ́ ТЬСЯ *сов.* кьурун ине, кьурун щулалъизе

ЗАВИ́ НЧИВАТЬ(СЯ) *несов.* **завинти́ ть(ся)**

ЗАВИ́С//ЕТЬ *несов. от кого-чего* бараблъун (бухьараблъун) букIине, базе; **сие́ от нас не ~ит** гьеб нижеда бараб гьечIо; **цена́ това́ра ~ит от его́ ка́чества** къайидул багьа гьелъул лъикIлъи-квешлъиялда бараб буго

ЗАВИ́СИМОСТ//Ь *ж* 1) (*подчиненность*) *сунданиги* (*лъиданиги*) бараблъун букIин, хIажатаблъун букIин; рагIиятлъиялда вукIин; **быть в ~и** рагIиятлъиялда вукIине 2) (*обусловленность*) шартIлъун (гIиллалъун, сабаблъун) букIин; **в ~и от обстоя́тельств** ахIвал-хIалалда бан

ЗАВИ́СИМ//ЫЙ, -ая, -ое *лъиданиги* бараб; **~ые стра́ны** цогидазда рарал улкаби; **я нахожу́сь в ~ом положе́нии** дун чияда варавлъун вуго

ЗАВИ́СТЛИВОСТЬ *ж* бахиллъи, жахIдалъи, хIусудлъи, ракIквешлъи, хIалхъублъи, бер чIегIерлъи

ЗАВИ́ СТЛИВЫЙ, -ая, -ое жахIдаяв, хIал хъубав, бер хъагIарав (чIегIерав), ~ **взгляд** хIал хъубаб балагьи

ЗАВИ́ СТНИК *м* жахIдачи, хIал хъубав чи, бер хъагIарав чи

ЗАВИ́СТНИЦА *ж* жахIдаяй (хIал хъубай, бер хъагIарай) чIужугIадан

ЗА́ВИСТ//Ь *ж* жахIда, бахиллъи, ракIквешлъи, бер чIегIерлъи; хIалхъублъи; **смотре́ть с ~ью** хIал хъубго балагьизе

ЗАВИТО́Й, -а́я, -о́е кьурараб, кIургIараб

ЗАВИТО́К *м* кьури (*расул ва ц.*); кIичI (*накъыщалъул ва ц.*)

ЗАВИ́ ТЫЙ, -ая, -ое *см.* **завито́й**

ЗАВИ́ТЬ *сов. что* кIургIизабизе, кьуризабизе (*сап ва ц.*) ◊ ~ **го́ре вере́вочкой** *шутл.* ургъелалда (къварилъиялда, пашман-лъиялда) квелъ базе

ЗАВИ́ТЬСЯ *сов.* 1) (*стать вьющимся*) кIургIун ине 2) (*сделать прическу*) рас кIургIизабун, катIари къачIазе

ЗАВИХРЕ́НИЕ *с* тIад свери, тIад тири

ЗАВКО́М *м* (*заводской комитет*) завком (*заводалъул комитет*)

ЗАВЛАДЕВА́ТЬ *несов. см.* **завладе́ть**

ЗАВЛАДЕ́ТЬ *сов. кем-чем* 1) ихтияр (кверщел) гьабизе; ~ **чужи́ м иму́ществом** чияр буголъиялда (боцIуда) кверщел гьабизе 2) *перен.* кодобе босизе, тIубанго жинде буссинабизе (*пикру, кIвар ва ц.*); ~ **внима́нием пу́блики** гIадамазул пикру-кIвар тIубанго жинде буссинабизе

ЗАВЛЕКА́ТЬ *несов. см.* **завле́чь**

ЗАВЛЕ́ЧЬ *сов. кого-что* 1) (*заманить*) гуккун жиндего цIазе (руссинаризе); ~ **врага́ в лес** гуккун тушман рохьове цIазе 2) *перен.* (*вовлечь, втянуть*) гъорлъе (гьоркьобе) цIазе 3) *перен.* (*пленить*) асир гьавизе, сагьвиллъизавизе

ЗАВО́Д[1] *м* **завод; лесопи́ льный** ~ цIул хъухъалеб завод

ЗАВО́Д[2] *м* **1.** (*по гл* **завести́**) кьури **2.** (*приспособление в механизме*) кьурулеб жо (*сагIтил ва ц.*); ~ **в часа́х испо́рчен** сагIтил кьурулеб жо хун буго **3.** (*срок действия заведенного механизма*) кьурун механизм хIалтIулеб заман; **часы́ с су́точным ~ом** кьурун мехелалъ хIалтIулеб (кьури мехелалъе гIолеб) сагIат 4) *полигр.* (*часть тиража*) тIехьалъул тиражалъул бутIа (*цого наборалъул*)

ЗАВОДИ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **завести́ (сь)**

ЗАВОДН//О́Й, -а́я, -о́е кьурун (*бутIгун*) хIалтIулеб; **~ая игру́шка** бутI кьурун, хIалтIулеб расанкIо

ЗАВОДОУПРАВЛЕ́НИЕ *с* заводоуправление, заводалъул администрация

ЗАВО́ДСКИЙ, -ая, -ое, **заводско́й,** -а́я, -о́е заводалъул; **заводска́я конто́ра** заводалъул контора

ЗА́ВОДЬ *ж* гIурул чвахи гIодоцараб бакI; рагIалда гьитIинабго хIорккел лъугьараб бакI

ЗАВОЕВА́НИ//Е *с* **1.** (*по гл.* **завоева́ть**) бахъи, кодобе боси, кверщел гьаби; **~е Се́верного по́люса** Северияб полюс кодобе боси, Северияб полюсалда кверщел гьаби **2.** (*достижение, приобретение*) бергьенлъи

ЗАВОЕВА́ТЕЛ//Ь *м* кверщел гьабулев чи, кодобе босулев чи, бахъарав (бахъулев) чи; **~и чужи́ х земе́ль** чияр ракьал рахъулел чагIи

ЗАВОЕВА́ТЬ *сов.* 1) *кого-что* (*захватить, покорить*) бахъизе, кверщел гьабизе, кодобе босизе; ~ **страну́** улка бахъизе, улкаялда кверщел гьабизе 2) *что перен.* босизе; лъугьинабизе, бижизабизе; ~ **свобо́ду** эркенлъи босизе; ~ **дове́рие** божилъи бижизабизе; ~ **симпа́тии** рокьи́ бижизабизе

ЗАВОЁВЫВАТЬ *несов. см.* **завоева́ть**

ЗАВО́З *м* (*по гл.* **завезти́**) баччун щвезаби (бачIин); ~ **това́ров в магази́ н** тукаде къайи баччун бачIин (щвезаби)

ЗАВОЗИ́ТЬ[1] *несов. см.* **завезти́**

ЗАВОЗИ́ТЬ[2] *сов. что прост.* хъублъизабизе, хъублъи бахинабизе, чороклъизабизе; ~ **пла́тье** горде чороклъизабизе

ЗАВОЗИ́ТЬСЯ[1] *сов. прост.* (*испачкаться*) хъублъизе, хъублъи бахине; чороклъизе, чороклъи бахине

ЗАВОЗИ́ТЬСЯ[2] *сов.* (*начать возиться*) квалквадизе лъугьине

ЗАВОЛА́КИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **заволо́чь(ся)**

ЗАВОЛНОВА́//ТЬСЯ *сов.* 1) гьалаглъизе лъугьине; **мо́ре ~лось** ралъад гьалаглъизе лъугьана 2) *перен.* рахIат хун лъугьине; **толпа́ ~лась** руккел рахIат хун лъугьана 3) *перен.* разилъунгутIи бихьизабизе, дандечIей загьир гьабизе

ЗАВОЛО́//ЧЬ *сов. что* бахчизабизе; **ту́чи ~кли́ не́бо** накIкIи́ца зоб бахчизабуна

ЗАВОЛО́//ЧЬСЯ *сов.* бахчизе; **глаза́ ~кли́ сь слеза́ми** берал магIица рахчана

ЗАВОПИ́ ТЬ *сов. разг.* чIичIидизе, гIергIедизе, гьарай бачине

ЗАВОРА́ЖИВАТЬ *несов. см.* **заворожи́ ть**

ЗАВОРА́ЧИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **завернýть(ся)**

ЗАВОРО́ЖЕНН//ЫЙ, -ая, -ое хIайранаб, хIайранлъараб; **смотре́ть ~ыми глаза́ми** хIайранал бераз ралагьизе

ЗАВОРОЖИ́ ТЬ *сов. кого-что* (*очаровать*) хIайран гьаризе, хIайранлъун ккезаризе

ЗАВОРО́Т *м*: ~ **кишо́к** *мед.* бакьал кьурун ккей, бакьал рухьин

ЗАВРА́ТЬСЯ *сов. разг.* гIемер гьерсал рицине, гьерсал рицунаго тIасан ккезе

ЗАВСЕГДА́ТАЙ *м разг. кисаниги* алхунарев (тIаса хьвалареб) чи; **театра́льный** ~ театралдаса алхунарев чи

ЗА́ВТРА 1. *нареч.* метер; ~ **у́тром** метер радал **2.** *в знач. сущ. нескл. с*: **до** ~ метерлъагIан; **отложи́ть на** ~ метерлъагIан нахътIамизе

ЗА́ВТРАК[1] *м* радалквен

ЗА́ВТРАК[2] *м*: **корми́ ть ~ами** *разг.* "метер" бачун, гуккизе, гьересиял къотIабаз гуккизе

ЗА́ВТРАКАТЬ *несов.* радал кваназе

ЗА́ВТРАШН//ИЙ, -яя, -ее метерисеб; **с ~его дня** метералдаса, метерисеб къоялдаса нахъе

ЗАВУАЛИ́РОВАННЫЙ, -ая, -ое пардав бараб; ургъунго бахчизабураб; рагьараб гуреб, бичIчIулареб

ЗАВУАЛИ́РОВАТЬ *сов. что* пардав базе, бахчизабизе; ачихълъи (баянлъи) хвезабизе; ургъунго бахчизабизе; бичIчIулареблъун гьабизе

ЗА́ВУЧ *м разг.* (*заведующий учебной частью*) завуч (*цIалул бутIаялъул заведующий*)

ЗАВХО́З *м* (*заведующий хозяйством*) завхоз (*магIишат бачунев чи)*

ЗАВШИВЕ́ТЬ *сов. прост.* нацI базе, нацIил цIезе

ЗАВЫВА́НИЕ *с* (*по гл.* **завыва́ть**) руруй, руруди; ~ **во́лка** бацIил руруди; ~ **ве́тра** гьорол руруди

ЗАВЫВА́ТЬ *несов. см.* **завы́ ть**

ЗАВЫ́СИТЬ *сов.* цIикIкIинабизе (*нормаялдаса*), ккколелдаса эхеде бахинабизе; ~ **це́ны** багьаби эхеде рахинаризе (*ккколелдаса*)

ЗАВЫ´ //ТЬ *сов.* (*о собаке, ветре и т. д.*) рурудизе лъугьине (байбихьизе); **во дворе́ ~ла соба́ка** азбаралда гьой рурудизе лъугьана; **ве́тер ~л в трубе́** гьури тIалаялъуб рурудизе лъугьана

ЗАВЫША́ТЬ *несов. см.* **завы´ сить**

ЗАВЯЗА́ТЬ[1] *сов. что* 1) бухьине; **~ шнурки´** чIалал рухьине 2) (*перевязать*) катан къазе; **~ больно́й па́лец** унтараб килщида катан къазе 3) (*начать*) байбихьизе; лъугьине; **~ разгово́р** гаргаралда байбихьизе; **~ перепи´ ску** цоцазде хъвадаризе лъугьине

ЗАВЯЗА́ТЬ[2] *несов. см.* **завя´ знуть**

ЗАВЯЗА́//ТЬСЯ *сов.* 1) бухьун букIине, бухьине; **га́лстук пло́хо ~лся** галстук квеш бухьун буго 2) (*начаться*) байбихьизе; **~лся бой** рагъ байбихьана; **~лся разгово́р** гаргар байбихьана 3) (*о плоде*) бижизе, лъугьине; **~лся плод** пихъ бижана (лъугьана)

ЗАВЯ´ ЗКА *ж* **1.** (*по гл.* **завяза́ть**) бухьин **2.** (*тесемка, лента и т. п.*) чIоло, чалу, квар **3.** байбихьи, бетIер, завязка; **~ рома́на** романалъул завязка (байбихьи)

ЗАВЯ́ЗНУТЬ *сов. в чем* 1) къазе, къан хутIизе; **~ в боло́те** хьуцIилъ къазе 2) *перен. разг.* захIматаб хIалалде ккезе; **~ в долга́х** налъабазукье ккезе, налъабазулъ тIерхьине

ЗАВЯ´ ЗЫВАТЬ *несов. см.* **завяза́ть**[1]

ЗАВЯ´ ЗЫВАТЬСЯ *несов. см.* **завяза́ться**

ЗА́ВЯЗЬ *ж* тIогьол пихъ лъугьунеб гьитIинаб горо

ЗАВЯ´ ЛИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **завя´ лить(ся)**

ЗАВЯ´ ЛИТЬ *сов. что* бучIизабизе; **~ ры´ бу** ччугIа бучIизабизе

ЗАВЯ´ ЛИТЬСЯ *сов.* бучIизе (*ччугIа, гьан ва ц.*)

ЗАВЯ´ //НУТЬ *сов.* 1) бечIазе; **цветы´ ~ли** тIугьдул речIана 2) *перен.* (*зачахнуть*) вечIазе, унти ккезе, загIиплъизе, къадарлъизе

ЗАГАДА́ТЬ *сов. что* 1) (*загадку*) бицанкIо чIвазе 2) (*задумать*) ургъизе, ракIалда чIезабизе; **~ число́** рикIкIен ургъизе (ракIалда чIезабизе)

ЗАГА́ДИТЬ *сов. что* 1) *разг.* хъуб (чорок) гьабизе 2) *перен.* квешлъи гьабизе, хъубаб иш гьабизе

ЗАГА́ДКА *ж* 1) бицанкIо 2) *перен.* нахъгIунтIизе кIолареб жо; **говори´ть ~ми** нахъгIунтIизе захIмалъулел рагIабаздалъун (захIмалъуледухъ) гаргадизе

ЗАГА́ДОЧНОСТЬ *ж* тамашалъи, гIажаиблъи; нахъгIунтIуларе́б (бичIчIуларе́б) букIин

ЗАГА́ДОЧН//ЫЙ, -ая, -ое (*непонятный*) тамашаяб, нахъгIунтIуларе́б; **~ое явле́ние** тамашаяб (нахъгIунтIуларе́б) иш; **~ая улы´ бка** тамашаяб гьими

ЗАГА́ДЫВАТЬ *несов. см.* **загада́ть**

ЗАГА́ЖИВАТЬ *несов. см.* **зага́дить**

ЗАГАЛДЕ́ТЬ *сов. разг.* хъудизе лъугьине

ЗАГА́Р *м* черх чIегIерлъи (*бакъуца бухIун*); **у него́ хоро́ший** ~ бакъуца гьев лъикI чIегIерлъизавун вуго

ЗАГАСИ´ ТЬ *сов. что* свинабизе; **~ ла́мпу** чирахъ свинабизе

ЗАГВО́ЗДКА *ж разг.* квалквал, квекIен, авара; **вот в чём ~!** гьеле гьелъулъ буго квекIен!

ЗАГИ´ Б *м* 1) (*загнутое место*) сукIел; сукIи; сукIараб бакI; **~ листа́ бума́ги** кагътил тIанчил сукIел 2) (*поворот в сторону*) сверел, свери 3) *перен.* (*отклонение*) кьури, гьетIи, тари; **ле́вый ~** квегIиса гьетIи, квегIаб рахъалде гьетIи

ЗАГИБА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **загну́ть(ся)**

ЗАГИПСОВА́ТЬ *сов. что* гипсалъулъ лъезе; **~ но́гу** махIу (хIетIе, бох) гипсалъулъ лъезе

ЗАГЛА́ВИЕ *с* литературияб, гIелмияб, музыкалияб асаралда яги гьелъул бутIаялда цIар; **~ кни´ги** тIехьалда цIар; **под ~м** (*пуланаб)* цIаргун, цIаралда гьоркь

ЗАГЛА́ВН//ЫЙ, -ая, -ое бетIераб, байбихьул; **~ый лист кни´ги** тIехьалъул цIар хъвараб тIамач ◊ **~ая бу́ква** кIудияб хIарп

ЗАГЛА́ДИТЬ *сов. что* 1) битIизабизе, битIа-бишизабизе; **~ утюго́м** итуялъ битIа-бишизабизе 2) *перен.* (*искупить*) хатIа (гIайиб) тIаса ккезабизе, бахчизабизе, битIа-бишизабизе; **~ вину́** гIайиб тIаса ккезабизе, хатIа бахчизабизе

ЗАГЛА́ДИТЬСЯ *сов.* 1) (*стать гладким*) битIа-бишизе 2) *перен.* (*смягчиться*) тамахлъизе, чучизе; тIаса ккезе (*гIайиб*)

ЗАГЛА́ЖИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **загла́дить(ся)**

ЗАГЛА́ЗН//ЫЙ, -ая, -ое *разг.* нахъасан гьабулеб (*бадиса-бадибе гуреб*); **~ое обвине́ние** нахъасан гIайиб чIвай; **~ые разгово́ры** нахъасан гьабулеб гаргар, нахъасан гаргади

ЗАГЛО́Х//НУТЬ *сов.* 1) сихI къотIизе, сас къотIизе, сас лъугIизе; **шум постепе́нно ~** хъуй дагь-дагьккун лъугIана 2) (*перестать работать*) чIезе, къотIизе, свине; **самова́р ~нул** самовар свана 3) (*зарасти травой*) чIар-хералъ гъанкъизе (*хур, ах*) 4) *перен.* (*о чувствах и т. п.*) къотIизе, лъугIизе, гIодоцине 5) *перен.* (*перестать развиваться*) чIун хутIизе

ЗАГЛУША́ТЬ *несов. см.* **заглуши´ ть**

ЗАГЛУШИ´ //ТЬ *сов. что* 1) гъанкъизабизе, къинабизе; гъугъ-лъизабизе; **внеза́пно налете́вший ве́тер ~л шум мо́ря** цинда́го речIчIун бачIараб гьороца ралъдал хъуй гъоркь къинабуна 2) *перен.* (*ослабить, смягчить*) чучизабизе, сасинабизе; **~ть боль** унти чучизабизе 3) (*о сорных травах*) гъанкъизабизе; **сорня´ к ~л посе́вы** чIараца рекъарал жал гъанкъизарун руго 4) (*выключить*) чIезабизе, свинабизе; **~ть мото́р** мотор чIезабизе; **~ть самова́р** самовар свинабизе 5) *перен.* (*подавить*) гIодоцинабизе

ЗАГЛЯДЕ́НЬЕ *с разг.* балагьун хIайранлъи (хагай, хагазари), балагьун хIал хьунгутIи (*беричIлъиялъ)* ◊ **на ~** хIайранлъизаруледухъ, хагазаруледухъ

ЗАГЛЯДЕ́ТЬСЯ *сов. на кого-что* хаган хутIизе, балагьун хIал хьунгутIизе (гIорцIунгутIизе), балагьун хIайранлъун хутIизе

ЗАГЛЯ́ДЫВАТЬ *несов. см.* **загляну´ть** ◊ **~ вперёд** бачIунелъул пикру гьабизе

ЗАГЛЯ´ ДЫВАТЬСЯ *несов. см.* **загляде́ться**

ЗАГЛЯНУ́ТЬ *сов.* 1) (*посмотреть*) бер речIчIизабизе (щвезабизе); **~ в окно́** гордухъан бер щвезабизе; **~ под крова́ть** кроваталда гъоркье бер щвезабизе 2) (*зайти ненадолго*) цо дагьаб мехалъ жанире лъугьине (раккизе); **~ к знако́мым** лъалел чагIазухъе раккизе

ЗА́ГНАНН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*измученный*) хвалде ккезабураб (*гIемер бекеризабун*); **~ая ло́шадь** хвалде ккезегIан бекеризабураб чу 2) *перен.* (*запуганный*) хIинкъизабураб, биххизабураб, кара биххизабураб; **~ый ребёнок** кара биххизабураб лъимер

ЗАГНА́ТЬ *сов.* 1) *кого-что* гъезе, жанире гъезе; **~ коро́ву в хлев** гIака бокьобе гъезе; 2) *кого-что* (*замучить*) бекеризабун хвалде ккезабизе, хвалде ккезегIан бекеризабизе; гIодочIвазабизе; **~ лошадь** чу хвалде ккезегIан бекеризабизе, чу бекеризабун хвалде ккезабизе, чу, чIун хутIизегIан, бекеризабизе 3) *что разг.* (*вбить*) къазабизе, чIвазе; **~ гвоздь** магI чIвазе 4) *что разг.* (*продать*) бичизе; **~ пальто́ на база́ре** базаралда пальто бичизе (нухда лъезе) ◊ **~ мяч в воро́та** кавабахъе торгIо кьабизе

ЗАГНИВА́НИЕ *с* (*по гл.* **загнива́ть**) 1) тури, махIцин 2) *перен.* хвей

ЗАГНИВА́ТЬ *несов. см.* **загни´ ть**

ЗАГНИ´ //ТЬ *сов.* 1) туризе (махIцине) лъугьине; туризе, махI-цине; **капу́ста ~ла** капуста махIцине (туризе) лъугьана; капуста турана (махIцана) 2) *перен.* (*прийти к упадку*) биххизе, хвезе

ЗАГНОЙ//ТЬСЯ *сов.* хьордозе, рецIцI рекIине (хурхине); **ра́на ~лась** ругънада рецIцI хурхана, ругъун хьордозе лъугьана

ЗАГНУ´ ТЬ *сов.* 1) *что* кIичIизабизе, сукIизе, кIичIвазабизе, жанибе чIвазе; **~ коне́ц про́волоки** маххул кварил кIал кIичIизабизе; **~ рука́в** къвал жанибе (нахъехун) чIвазе 2) *разг.* сверизе (*кивехунниги*); **~ за́ угол** цололъан (цололъехун) сверизе

ЗАГНУ´ //ТЬСЯ *сов.* гьетIизе, кIичIизе, кIичIван ине, сукIун ине; **у́гол страни´ цы ~лся** гьумералъул бокIон (гIин) сукIана

ЗАГОВА́РИВАТЬ[1] *несов.* (*вступать в разговор*) кIалъазе (гаргадизе) лъугьине (байбихьизе)

ЗАГОВА́РИВАТЬ[2] *несов. см.* **заговори´ ть**[2] ◊ **зу́бы ~** а) дугIа цIалун, цаби сахлъизаризе б) *перен.* харбал рицун, тIаса тIамизе, мекъса ккезавизе

ЗАГОВА́РИВАТЬСЯ *несов.* 1) *см.* **заговори´ться** 2) *разг.* (*говорить бессвязно*) кIалъалаго, пикру биххизе; бицунеб жо жуба-гъубазе

ЗА́ГОВОР[1] *м* гьоркьан рекъей (*къотIи*), *лъидениги, сундениги данде чангояс гьабураб* балъгояб къотIи; **раскры´ ть ~** балъгояб къотIи тIатинабизе

ЗА́ГОВОР[2] *м* (*заклинание*) дугIа; **~ про́тив зубно́й бо́ли** цабзазул унти къотIизе цIалулеб дугIа

ЗАГОВОРИ́//ТЬ[1] *сов.* 1) (*начать говорить*) гаргадизе (кIалъазе) лъугьине; **ребёнок ско́ро ~т** лъимер кватIичIого гаргадизе лъугьине буго 2) (*овладеть речью или каким-л. языком*) мацI лъазе, кIалъазе (гаргадизе) лъазе (*кинаб бугониги мацIалда*)

ЗАГОВОРИ´ ТЬ[2] *сов. кого-что* 1) *разг.* (*утомить*) гIемер гаргадун, гIиндамес бакъвазабизе; гIемер гаргадун, чIалгIинабизе 2) (*заколдовать*) дугIа цIалун, асар гьабизе; **~ больно́го** дугIа цIалун, унтарав сах гьавизе

ЗАГОВОРИ́ТЬСЯ *сов.* 1) (*увлечься разговором*) харбиде машгъуллъизе 2) *разг.* (*завраться*) гьерсал рицине, кколареб хабар бицине

ЗАГОВО́РЩИК *м* балъгояб къотIиялъул гIахьалчи

ЗАГОВО́РЩИЦА *ж* балъгояб къотIиялъул гIахьалчIужу

ЗАГОГОТА́ТЬ *сов.* 1) (*о гусях*) гьагъадизе (*хъазал*) 2) *разг.* (*захохотать*) гIагIадизе, гIагIадизе лъугьине, гIагIаялда ве-лъанхъизе

ЗАГОЛО́ВОК *м* бетIер, цIар (*тIехьалъул, макъалаялъул ва ц.*)

ЗАГО́Н *м* **1.** (*по гл.* **загна́ть**) гъей, жанибе гъей **2.** (*место для скота*) ручун, лол ◊ **быть в ~е** нахъе-цеве гьавизе, тIалаб-агъаз гьабичIого тезе

ЗАГОНЯ´ ТЬ[1] *несов. см.* **загна́ть**

ЗАГОНЯ´ //ТЬ[2] *сов. кого-что* (*изнурить*) хIалтIуца рухI бахъизабизе, тату хвезабизе; чIун хутIизабизе; **меня´ сего́дня ~ли** жакъа дир рухI бахъизабуна; **~ть лошаде́й** чуял, чIун хутIизегIан, рекеризаризе, чуязул загьла бухIизабизе, тату хвезабизе

ЗАГОРА́ЖИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **загороди´ ть(ся)**

ЗАГОРА́НИЕ *с* (*по гл.* **загора́ть**) цIа рекIин

ЗАГОРА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **загоре́ть(ся)**

ЗАГОРЕ́Л//ЫЙ, -ая, -ое чIегIеркIкIуяб, бецIкIкIуяб, бакъуца бухIун, бецIлъараб; **~ое лицо́** бакъуца бухIараб гьумер

ЗАГОРЕ́ТЬ *сов.* бакъуца бухIун, чIегIерлъизе (бецIлъизе), чIегIеркIкIуяб (бецIкIкIуяб) лъугьине; **~ на со́лнце** бакъукь вукIун (чIун), чIегIерлъизе, бакъуца вухIизе

ЗАГОРЕ́//ТЬСЯ *сов.* 1) (*начать гореть, зажечься*) бухIизе лъугьине, цIа рекIине 2) (*засверкать*) кенчIезе, цIадул цIезе; **у него́ глаза́ ~лись ра́достью** досул берал вохиялъ кенчIана 3) *перен. безл. разг.* (*неудержимо захотеть*) кIудияб гьира ккезе, цIакъ бокьизе; **ему́ ~лось уе́хать** досие цIакъ бокьана нахъе ине 4) *перен.* (*возникнуть*) ккезе, лъугьине; **~лся спор** дагIба-къец ккана

ЗАГОРОДИ́ТЬ *сов.* 1) *что* (*обнести оградой*) сверун къазе (*азбар, ах ва ц.*) 2) *кого-что* (*заслонить*) бахчизабизе (гьукъизе); **~ собо́й свет** цеве чIун, канлъи гьукъизе 3) *что* (*закрыть доступ, проход*) бацизе, къотIизе

ЗАГОРОДИ́ТЬСЯ *сов.* 1) (*отгородиться*) сверун къан букIине (*азбар, хур ва ц.*) 2) (*заслониться*) бахчун ккезе, гьукъун букIине; гьукъизе; **~ руко́й от со́лнца** квералъ бакъудаса бахчизе

ЗАГОРО́ДКА *ж* чали, къед

ЗА́ГОРОДНЫЙ, -ая, -ое шагьаралъул рагIалда бугеб; шагьар тун, къватIиб бугеб; **~ дом** шагьар тун, къватIиб бугеб рукъ

ЗАГОСТИ´ ТЬСЯ *сов. разг.* гьоболлъухъ халат хутIизе

ЗАГОТА́ВЛИВАТЬ *несов. см.* **загото́вить**

ЗАГОТОВИ´ ТЕЛЬ *м* заготовитель, заготовка гьабулев чи

ЗАГОТОВИ́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое заготовкаялъулаб, заготовка гьабулеб; **~ый пункт** заготовка гьабулеб бакI (пункт); **~ые це́ны** заготовкаялъулал багьаби

ЗАГОТО́ВИТЬ *сов. что* хIадур гьабизе (*гIуждаго, ригьдаго*), данде гьабизе (*гIуждаго, ригьдаго*); **~ все спра́вки** киналго справкаби ригьдаго хIадур гьаризе; **~ дрова́ на́ зиму** хасалоялде (кьиндаде) цIул хIадур гьабизе; **~ корм скоту́** боцIуе рагIи-хер ригьдаго хIадур гьабизе

ЗАГОТО́ВКА *ж* **1.** (*по гл.* **загото́вить**) данде гьаби, хIадур гьаби; **~ древеси´ ны** хъарщи-цIул хIадур гьаби **2.** (*полупродукт*), *сундуениги* хIадурараб материал (*масала, чакмабазе хIадур гьабураб лакай, хьвацIа*)

ЗАГОТОВЛЯ´ ТЬ *несов. см.* **загото́вить**

ЗАГОТПУ´ НКТ *м* (*заготовительный пункт*) заготовкаялъул пункт

ЗАГРАДИ́ТЕЛЬ *м мор.* заградитель (*ми́наби ва ц. лъун, гумузе нух къотIизабулеб рагъул хасаб гама*); **ми́нный ~** ми́наби лъолеб гама

ЗАГРАДИ́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое сангарлъун (буцурлъун) чIолеб; гьукъулеб, *щибниги* гьукъизе гьабулеб; **~ ого́нь** нух гьукъизелъун гьабулеб кьвагьи; **~ отря́ д** нух гьукъул къокъа

ЗАГРАДИ´ ТЬ *сов. что* нух гьукъизе (къотIизе); **~ доро́гу** нух къотIизе (гьукъизе)

ЗАГРАЖДА́ТЬ *несов. см.* **заради´ ть**

ЗАГРАЖДЕ́НИ//Е *с* **1.** (*по гл.* **заради´ ть**) щула гьаби, баци **2.** бацараб, нух къотIараб бакI; шулалъи, буцур; **ми´нные ~я** ми´наби лъун, нух къотIарал бакIал, ми´ набазул щулалъаби

ЗАГРАНИ´ ЦА *ж разг.* къватIисел улкаби (пачалихъал)

ЗАГРАНИ́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое къватIисеб пачалихъалъул (улкаялъул); **~ые това́ры** къватIисел улкабазул къайи; къватIисел пачалихъаздаса бачIараб къайи; **~ый па́спорт** къватIисеб пачалихъалде ине паспорт; **~ая пое́здка** къватIисеб улкаялде (пачалихъалде) сапар

ЗАГРАНПОЕ́ЗДКА *ж* къватIисел пачалихъазде ин

ЗАГРЕБА́ТЬ *несов.* 1) *что* хача-кIачазе, хача-кIачан бакIаризе, данде гьабизе; гъуни гьабизе; **~ се́но** хача-кIачан ххер бакIаризе 2) *что перен. разг.* (*получать много чего-л.*); *щибниги* цIакъ гIемер щвезе (*гIарац, хайир*); **~ ку́чу де́нег** гъуни гIарцул щвезе, гIарац хазе 3) *чем разг.* (*грести веслами*) лъим ххазе (*ра́ххнаца*) ◊ **чужи́ми рука́ми жар** ~ чияр цIадухъ хинлъизе, батIиял хIалтIизарун, пайда жинцаго босизе

ЗАГРЕМЕ́ТЬ[1] *сов. разг.* (*упасть с грохотом*) зваргъиялда (чвархъиялда, дванкиялда) бортизе

ЗАГРЕМЕ́//ТЬ[2] *сов.* 1) (*начать греметь*) гъугъазе (гъугъадизе) лъугьине; **~л гром** зоб гъугъадизе байбихьана (лъугьана) 2) *чем разг.* зваргъизабизе, чвархъизабизе; зваргъи (чвархъи) бахъинабизе; **~ть ключа́ми** кIулал зваргъезаризе

ЗАГРЕСТИ´ *сов. см.* **загреба́ть**

ЗАГРИ´ ВОК *м* 1) (*у лошади*) жалалъул гъоркьияб рахъ; габуралъул жал бижулеб бутIа 2) *прост.* (*у человека*) нахъаса габур, гъванща

ЗАГРИМИРОВА́ТЬ *сов. кого-что* грим (уба) бахине

ЗАГРИМИРОВАТЬСЯ *сов.* грим (уба) бахине (*жиндирго гьурмада*)

ЗАГРО́БН//ЫЙ, -ая, -ое ахираталъул; **~ый мир** ахираталъул дунял (ахират), хун хадуб букIунеб дунял

ЗАГРОМОЖДА́ТЬ *несов. см.* **загромозди´ ть**

ЗАГРОМОЗДИ´ //ТЬ *сов. что* цIезабизе (*чIахIиял бакIал жалаз*); **ве́щи ~ли ко́мнату** къайи-матахIалъ цIезабун буго рукъ

ЗАГРОМЫХА́ТЬ *сов. разг.* 1) (*начать греметь*) гьваргъвадизе (гьугъадизе, чвархъезе, зваргъезе) лъугьине 2) (*начать шуметь*) хъудизе лъугьине

ЗАГРОХОТА́ТЬ *сов.* гьугъадизе, гIергIедизе (*гIарада ва ц.*); дванки-гIанки бахъинабизе

ЗАГРУБЕ́Л//ЫЙ, -ая, -ое хъачIлъараб, чанлъаб, чIучIараб (*тIом, гьумер*); **~ые ру́ки** хъачIлъарал (чIучIарал) кверал

ЗАГРУБЕ́//ТЬ *сов.* хъачIлъизе, чанлъизе; чIучIине; **ко́жа ~ла** тIом чIучIун (хъачIлъун) буго

ЗАГРУЖА́ТЬ *несов. см.* **загрузи´ ть**

ЗАГРУ́ЖЕННОСТЬ, ЗАГРУЖЁННОСТЬ *ж* 1) (*обеспеченность грузом*) кьайидул (юкалъул) цIей, цIун букIин 2) *перен. разг.* (*степень занятости*) хIалтIи (хъулухъ) гIунги тIокIаб букIин

ЗАГРУЗИ́ТЬ *сов.* 1) *что* юк (къайи) лъезе; **~ маши´ ну** машиналда юк (къайи) лъезе 2) *что* (*заполнить*) цIезабизе; **~ до́мну** домна цIезабизе 3) *кого-что перен разг.* кколеб къадар хIалтIул кьезе; **~ преподава́телей** мугIалимзабазе кколеб къадар хIалтIул кьезе

ЗАГРУ´ ЗКА *ж* 1) (*по гл.* **загрузи´ ть**) цIезаби (*къайи-юкалъ*) ; **~ маши´ ны песко́м** машина салуца цIезаби 2) *разг.* (*работа*) гIураб къадаралда хIалтIи букIин

ЗАГРУ´ ЗОЧН//ЫЙ, -ая, -ое жинца *сунданиги* къайи лъолеб; **~ая маши´ на** жинца *сунданиги* къайи лъолеб машина

ЗАГРУНТОВА́ТЬ *сов. что* грунтовка (гъоркьхъал) гьабизе; **~ пол** чIабаралда грунтовка (гъоркьхъал) гьабизе

ЗАГРУСТИ´ //ТЬ *сов.* пашманлъизе (къварилъизе) лъугьине; **де́вушка ~ла** яс къварилъизе (къварилъахъдизе) лъугьана

ЗАГРЫЗА́ТЬ *несов. см.* **загры´ зть**

ЗАГРЫ´ З//ТЬ *сов. кого* 1) букъа-бутIизе, букъ-букъизе, чIам-чIамизе, чIам-чIамун хвезабизе; **ко́шка ~ла мышь** катица гIункIкI чIам-чIамун хвезабуна 2) *перен. разг.* (*измучить*) гIакъуба

(гIазаб) кьезе, гIазабалде ккезабизе; **со́весть его́ ~ла** намусалъ гIазаб кьуна досие

ЗАГРЯЗНЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **загрязни́ть**) хъублъизаби, хIабургъинаби, чороклъизаби; **~ воды́** лъим хъублъизаби (хIабур-гъинаби, чороклъизаби) **2.** (*по гл.* **загрязни́ться**) хъублъи, хIабургъин, чороклъи; **~ ра́ны** ругъун чороклъи

ЗАГРЯЗНИ́ТЬ *сов. что* хъублъизабизе, чороклъизабизе; хIабургъинабизе; **~ оде́жду** ретIел чороклъизабизе; **~ пол** ру-къалъул чIабар хъублъизабизе; **~ во́ду** лъим хъублъизабизе (чороклъизабизе, хIабургъинабизе)

ЗАГРЯЗНИ́ //ТЬСЯ *сов.* хъублъизе, чороклъизе; хIабургъине; **стекло́ ~лось** цIер чороклъун буго

ЗАГС *м* (запись актов гражданского состояния) загс (гражданияял ахIвалазул актазул хъвай-хъвагIай гьабулеб бак1*)*; **зарегистри́ровать в ~е рожде́ние ребёнка** загсалда лъимер гьабиялъул хъвай-хъвагIай гьабизе; **зарегистри́роваться в ~е** загсалда регистрация гьабизе (хъвазе)

ЗАГУБИ́ТЬ *сов. разг.* 1) *кого-что* (*погубить*) хвезабизе; **~ коня́** чу хвезабизе 2) *что* (*истратить напрасно*) гIадада (чIалгIаде) хвезабизе, харж гьабизе, пасат гьабизе, гьородахъ биччазе; **~ мно́го де́нег** гIемер гIарац пасат гьабизе

ЗАГУДЕ́//ТЬ *сов.* хъудизе байбихьизе (лъугьине); **самова́р ~л** самовараллъ хъудизе (гьещтIезе) байбихьана

ЗАГУЛЯ́ ТЬ *сов. разг.* гьакълиде, кеп-гIоркьалде вазе

ЗАГУЛЯ́ ТЬСЯ *сов. разг.* (*долго пробыть на прогулке*) тира-сверулаго цIакъго цIикIкIун заман тIамизе, гIемераб мехалъ тира-сверулев вукIине

ЗАГУСТЕ́//ТЬ *сов.* а) бакъвалъизе; **ка́ша ~ла** карщ бакъвалъана б) ризлъизе; **лес ~л** рохь ризлъана

ЗАД *м* 1) (*задняя часть чего-л.*) мугъаб (нахъисеб) рахъ; **~ автомоби́ля** автомобилалъул нахъисеб рахъ; **дом выхо́дит ~ом к реке́** рукъалъул нахъисеб рахъ гIурухъе буссун буго 2) (*часть туловища животного*) нахъисеб рахъ; рохокъотIи *(чиясул)* ◊ **бить ~ом** мал базе (чIвазе, кьабизе, хьвагIизе)

ЗАДА́БРИВАТЬ *несов. см.* **задо́брить**

ЗАДАВА́ТЬ *несов. см.* **зада́ть**

ЗАДАВА́ТЬСЯ[1] *несов. см.* **зада́ться**

ЗАДАВА́ТЬСЯ[2] *несов. разг.* (*зазнаваться*) чIухIизе, пахрулъизе, гIамал (рак1) кIодолъизе, гьаваялдасан хьвадизе

ЗАДАВИ́ //ТЬ *сов.* 1) *кого* (*придавить насмерть*) чIинтIизабизе, мерхьун хвезабизе 2) *кого разг.* (*придушить*) гъанкъун хвезабизе; **лиси́ ца ~ла двух кур** цараца кIиго гIанкIу гъанкъун хвезабуна 3) *кого-что перен.* (*подавить, заглушить*) гIодоцинабизе

ЗАДА́НИЕ *с* тIадкъай, тIад къараб иш; **вы́полнить ~** тIадкъай тIубазабизе; **дома́шнее ~** рокъобе хIалтIи (тIадкъай)

ЗА́ДАНН//ЫЙ, -ая, -ое тIад къараб, бихьизабураб, гьабизе (лъазабизе) кьураб; **~ый уро́к** лъазабизе кьураб дарс; **сочине́ние на ~ую те́му** кьураб (бихьизабураб) темаялда (хъвалеб) сочинение

ЗАДА́РИВАТЬ *несов. см.* **задари́ ть**

ЗАДАРИ́ТЬ *сов. кого-что* 1) (*осыпать подарками*) гIемерал сайгъатал кьезе, квер биччазе 2) (*задобрить чем-л.*) сайгъаталдалъун вичун восизе, жиндего вуссинавизе

ЗАДА́РОМ *нареч. разг.* 1) (*бесплатно*) чIобого, гьавайин; **он купи́л почти́ ~ э́ту вещь** дос гьаб жо битIахъе чIобого гIадин бичун босана

ЗАДА́ТКИ *мн.*: **име́ть хоро́шие ~** *к чему-л. сундуениги* лъикIаб пагьму-гьунар букIине

ЗАДА́ТОК *м* гьоркьлъел; **дать ~** гьоркьлъел (гьоркьлъалие) кьезе

ЗАДА́ТЬ *сов.* 1) *что кому* кьезе; **~ рабо́ту** хIалтIи кьезе; **~ сочине́ние** сочинение кьезе 2) *что разг.* (*устроить*) гьабизе; **~ пир** кIудияб квана-гьекъей (гьоболлъи) гьабизе; **~ вопро́с** суал кьезе, гьикъизе; ◊ **~ жа́ру** *перен.* ргIаризаризе; **~ стра́ху** хIинкъизаризе; **~ тон** мисал бихьизабизе

ЗАДА́ТЬСЯ *сов. чем* машгъуллъизе, тIаделъизе; **~ це́лью изучи́ть ру́сский язы́к** гIурус мацI лъазабиялде машгъуллъизе (тIаделъизе)

ЗАДА́Ч//А *ж* 1) (*цель*) мурад, масъала; **вы́ полнить ~у** масъала тIубазабизе; **~а всей жи́ зни** тIолабго гIумруялъулго мурад 2) *мат.* масъала; **реша́ть ~у** масъала гьабизе

ЗАДА́ЧНИК *м* задачник, масъалабазул сборник; **арифмети́ческий ~** хIисабалъул задачник

ЗАДВИ́ ГАТЬ *сов.* хъурщизабизе, багъаризабизе лъугьине

ЗАДВИГА́ТЬ *несов. см.* **задви́ нуть**

ЗАДВИ́ ГА//ТЬСЯ *сов.* багъаризе лъугьине (*байбихьизе*); багъаризе; **колёса ~лись** гьакибурдул рагъаризе байбихьана

ЗАДВИГА́//ТЬСЯ *несов.* 1) *см.* **задви́ нуться** 2) (*быть задвинутым*) цебе-нахъе багъаризе (хьвадизе); **я́ щик ту́го ~ется** хъурщи цебе-нахъе захIматго хьвадула

ЗАДВИ́ ЖК//А *ж* 1) рахай, хъурщулеб рахай, къоно, тугъас; **закры́ть дверь на ~у** нуцIида къоно тIамизе 2) хъарщи, хъурщулеб жо (*печалъул тIалаялъул*); **печна́я ~а** печалъул хъарщи (*кIкIуйдул нух къварид гьабизе хъурщулеб*)

ЗАДВИ́ЖН//О́Й, -а́я, -о́е хъурщулеб, нахъе-цебе хъурщулеб; **~ая ра́ма** хъурщулеб рама

ЗАДВИ́НУТЬ *сов. что* хъурщизабизе; **~ тахту́ в у́гол** тах бокIниде хъурщизабизе; **~ я́щик комо́да** комодалъул хъурщи цебе цIазе, хъурщи рагьизе 2) *разг.* (*загородить*) бацизабизе; **~ окно́ шка́фом** горду шкафалъ бацизабизе, бахчизабизе 3) (*закрыть, запереть*) тIамизе, базе; рахазе; къазе; **~ засо́в** къоно тIамизе, тугъас базе

ЗАДВИ́ НУТЬСЯ *сов.* жанибе хъурщун ине (*столалъул хъурщи ва ц.*)

ЗАДВО́РК//И *мн.* азбаралда нахъехун бакI**;** тохаб (рехун тараб, ргIа-ракьанде ккараб) бакI ◊ **быть на ~ах** нахъегIан (ахирисеб бакIалда) вукIине

ЗАДЕВА́ТЬ[1] *несов. см.* **заде́ть**

ЗАДЕВА́//ТЬ[2] *сов. что разг.* (*запрятать, деть*) бахчизе, *(батулареб бакIалда)* лъезе; **куда́ я э́ту кни́гу ~л?** киб дица гьеб тIехь лъураб?

ЗАДЕВА́//ТЬСЯ *сов. разг.* (*затеряться*) тIагIине, билизе, кквезе; **но́жницы куда́-то ~лись** кIвекьмахх кибеялиго ккун буго, тIагIун буго

ЗАДЕ́Л *м* нахърател

ЗАДЕ́ЛАТЬ *сов. что* бацизе, бацизабизе; бацун къачIазе; **~ ще́ли** кьватIелал, ричIалаби рацизе

ЗАДЕ́ЛКА *ж* (*по гл.* **заде́лать**) баци, бацизаби; **~ тре́щин** кьватIалаби раци

ЗАДЕ́ЛЫВАТЬ *несов. см.* **заде́лать**

ЗАДЁРГА//ТЬ[1] *сов. что, чем* (*начать дергать*) туркIизе лъугьине, туркIизе; **ямщи́ к ~л вожжа́ми** файтончияс (чуял рачунев чияс) чIолорхъо туркIана

ЗАДЁРГАТЬ[2] *сов. кого разз.* (*измучить*) гIакъуба кьезе (*гIайибал рикIун, багьнал гьарун*)

ЗАДЁРГА//ТЬСЯ *сов.* тIеркIезе (сородизе, кIобокIахъдизе, тIуртIудизе) байбихьизе; **от волне́ния у него́ ~лись гу́бы** рекIее гьабураб асаралъ гьесул кIутIби сородизе лъугьана

ЗАДЁРГИВАТЬ *несов. см.* **задёрнуть**

ЗАДЕРЖА́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **задержа́ть**) кквей; кквезе щвей; лъалхъизаби, кватIизаби; **~ сне́га** гIазу кквей; **~ престу́пников** такъсирчагIи кквезе щвей **2.**: **~ мочи́** кIващ бачIунгутIи

ЗАДЕРЖА́//ТЬ *сов.* 1) *кого* (*принудить остаться*) кквезе; **меня́ ~ли дела́** дун ишаз ккуна 2) *что* (*замедлить*) хIинцлъизабизе, хьадар гьабизе; **~ть шаги́** галаби хьадар гьаризе 3) *что* (*приостановить*) лъалхъизабизе, чIезабизе; **~ть во́ду плоти́ной** лъим сангаралъ чIезабизе 4) *что* нахъбахъизабизе, кватIизабизе; **дожди́ ~ли сев** цIадаз рекьи кватIизабуна 5) *что* (*отсрочить*) нахътIамизе, заманалда кьунгутIизе; **~ть упла́ту до́лга на ме́сяц** налъи бецIи моцIалъ нахътIамизе 6) *кого-что* (*арестовать*) жанив тIамизе; кквезе; **~ть престу́пника** такъсирчи кквезе

ЗАДЕРЖА́//ТЬСЯ *сов.* 1) (*остановиться*) лъалхъизе, чIезе; **~ться у вхо́да** ргьудухъ лъалхъизе (чIезе) 2) (*остаться где-л. на какое-л. время, пробыть где-л. дольше чем нужно или можно*) ккколелдаса цIикIкIун заман базе (бахъизе); **~ться на неде́лю** анкь цIикIкIун базе (бахъизе) 3) (*приостановиться, замедлиться*) хьадарлъизе; гьоркьоб къотIизе; **дыха́ние ~лось** а) хIухьел хьадарлъана б) хIухьел гьоркьоб къотIана 4) (*замешкаться, не сделать что-л. вовремя*) кватIизе, кватIун ккезе; **~лся с рабо́той** хIалтIи кватIун ккана, хIалтIулаго кватIун ккана

ЗАДЕ́РЖИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **задержа́ть(ся)**

ЗАДЕ́РЖК//А *ж* **1.** (*по гл.* **задержа́ть**) нахъбахъизаби, кватIизаби; квекIен гьаби **2.** (*по гл.* **задержа́ться**) нахъбахъи, кватIи, квекIен ◊ **без ~и** квекIен (кватIи) ккечIого; нахъбахъичIого

ЗАДЁРНУТЬ *сов. что* туркIизе, биччазе (*пардав*); **~ занаве́ску** пардав (гIодобе) биччазе

ЗАДЕ́//ТЬ *сов.* 1) *кого-что* (*коснуться*) хъвазе, хъатIизе; **пти́-ца ~ла меня́ крыло́м** хIанчIил кваркьи дида хъвана 2) *за что* (*зацепить*) базе; **~л гвоздь и порва́л пальто́** магIида бан, пальто бихъана 3) *кого-что перен.* (*затронуть*) хъатIизе, хъвазе; квеш букIине; **его́ речь си́льно меня́ ~ла** досул калам дида цIакъ хъатIана (квеш букIана) ◊ **~ть за живо́е** гъваридаб асар гьабизе, гIамал кIодолъиялда, чIухIиялда хъатIизе

ЗАДИ́РА *м, ж разг.* дагIба-къец балагьулев чи; питнадулав, дагIбадулав, вагьизе гIилла балагьулев

ЗАДИРА́ТЬ *несов.* 1) *см.* **задра́ть** 2) *кого* (*дразнить*) ццидахинавизе ◊ **~ нос** чIухIаризе, гIамал кIодолъизе

ЗАДИРА́ТЬСЯ *несов.* 1) *см.* **задра́ться** 2) (*приставать к кому-л.*) *лъидениги* тIаделъизе, тIад рекIун чIезе

ЗАДИ́ РИСТЫЙ, -ая, -ое *разг.* дагIбадизе (къацандизе, питна гьабизе) хIадурав, лъидаго хъатIизе бокьулев

ЗА́ДН//ИЙ, -яя, -ее 1) нахъисеб; **~ее колесо́** нахъисеб гьакибер; **~ие места́** нахъисел бакIал; **~ие но́ги** нахъисел боxдул 2) (*обратный*) нахъехунаб, нахъехун буссараб; **~ий ход** нахъехун ин ◊ **~яя мысль** балъгояб къасд, бахчараб пикру; **~им число́м** хIакъикъаталда букIаралдаса цебесеб заман бихьизабун (*кагътида хъвалеб къо-моц1)*; **~им умо́м кре́пок** нахъа рекIеда ватула; **без ~их ног** рухI тIагIун вукIине (*свакалъ*); **~ий прохо́д** *анат.* ракул нух

ЗА́ДНИК *м* нахъисеб макъар (*хьитил*)

ЗАДО́БРИТЬ *сов. кого-что* жиндехунго руссинаризе (*сайгъатаздалъун ва ц. ресаздалъун*)

ЗАДО́К *м* нахъияб рахъ; мугъ; **~ пово́зки** гьакил нахъияб рахъ; **~ сту́ла** бакIил мугъ (*чIвалеб рахъ*)

ЗАДО́ЛГО *нареч.* лъикIаланго цебе; **~ до нача́ла о́сени** хасалихълъи байбихьилалде лъикIаланго цебе

ЗАДОЛЖА́ТЬ *сов. что, кому-чему и без доп. разг.* налъукье ккезе, налъи гьабизе; **~ де́сять рубле́й** анцIго гъурщил налъи гьабизе

ЗАДО́ЛЖЕННОСТЬ *ж* налъи; налъи (налъукье) ккей; налъи букIин; **больша́я ~** кIудияб налъи; **погаси́ ть ~** налъи бецIизе

ЗА́ДОМ *нареч.* рохахун, мугъаб рахъалъ, нахъехун балагьун (сверун); **дви́гаться ~** рохаб рахъги цебехун гьабун, ине; **наде́ть фура́жку ~ наперёд** фуражка, нахъисеб рахъги цебехун гьабун, лъезе ◊ **~ наперёд** нахъисеб рахъги цебехун гьабун

ЗАДО́Р *м* 1) хIасрат, гьира, шавкъ, хIаракат; **ю́ношеский ~** гIолилазулаб гьира-шавкъ 2) (*запальчивость*) хехдари, гIедегIахъди, гьалагIъи, хехго ццин бахъин

ЗАДО́РИНА, ЗАДО́РИНКА *ж* чанчахараб бакI; **доска́ с задо́ринками** чанчахараб хъарщи ◊ **без сучка́, без задо́ринки** квалквал гьечIого, цIакъ бигьаго, битIа-бишун

ЗАДО́РНЫЙ, -ая, -ое 1) гьирияб, шавкъ бугеб; лебалаб; **~ взгляд** лебалаб бербалагьи 2) (*запальчивый*) хехдарулев, хехго ццин бахъунев, дагIбадизе хIадурав

ЗАДОХНУ́ ТЬСЯ *сов.* 1) гьанкъизе (*хIухьел гIечIого*) 2) хIухьел цIазе кIунгутIизе, хIалицаго хIухьел босизе; хIухьел гIоларого, гьанкъизе вахъине

ЗАДРАПИРОВА́ТЬ *сов. что щибниги* тIад бан, бигьун, берцин гьабизе; **~ сте́ны ковра́ми** къадал, халичаби ригьун, берцин гьаризе

ЗАДРАПИРОВА́ТЬСЯ *сов. щибниги* тIад бан (бигьун), берцинлъизе

ЗАДРА́ТЬ *сов. разг.* 1) (*поднять*) борхизабизе, эхеде борхизе (цIазе); **~ хвост** рачI эхеде борхизе; **~ го́лову** бетIер эхеде борхизе; **~ пла́тье** гурде эхеде цIазе 2) (*оцарапать*) ччукIизабизе, гаржинабизе, хъарсизабизе, хъаштIизабизе; **~ ко́жу на па́льце** килщидаса хъал ччукIизабизе ◊ **~ нос** чIухIаризе, гIамал кIодолъизе

ЗАДРА́//ТЬСЯ *сов.* 1) гаржун (хъаштIун, хъарсун, ччукIун) ине 2) *разг.* эхеде бакIарун ине (букIкIине) (*ретIел*); **пла́тье ~лось** гурде эхеде бакIарун ана

ЗАДРЕБЕЗЖА́ТЬ *сов.* зваргъи бахъине

ЗАДРЕМА́ТЬ *сов.* гьапуллъизе, свадизе

ЗАДРОЖА́ТЬ *сов.* сородизе байбихьизе, гьаргъар щвезе, гьаргъаралде байбихьизе

ЗАДУВА́ТЬ[1,2] *несов. см.* **заду́ть**[1,2]

ЗАДУ́ ВКА *ж* (*по гл.* **заду́ть**[2]) *спец.* баки, бакун хIалтIизаби (*домна печь*)

ЗАДУ́МА//ТЬ *сов.* 1) *что и с неопр.* къасд гьабизе; **он ~л учи́ться** дос цIалдезе къасд гьабуна 2) *что* (*загадать*) ургъизе, цо жо рекIелъ кквезе, цо жоялда пикру чIезабизе; **~ть** *какое-л.* **число́** *цо кинаб бугониги* рикIкIен рекIелъ кквезе

ЗАДУ́ МА//ТЬСЯ *сов.* 1) ургъизе, пикру гьабизе, пикрабазде машгъуллъизе; **~ться над** *каким-л.* **вопро́сом** *цо кинаб бугониги* суалалда тIад ургъизе 2) *с отриц. и неопр.* хIисаб гьабизе, ургъун рихьизе (*гьабизесеб жояльул*); **он не ~лся сказа́ть пра́вду в глаза́** хIакъаб жо бадибе абизе дов нахъе къачIо (хIинкъичIо)

ЗАДУ́ МЧИВОСТ//Ь *ж* пикрабалъ вукIин, тIерхьин; **вы́вести из ~и** пикрабаздаса ворчIизавизе

ЗАДУ́МЧИВ//ЫЙ, -ая, -ое пикрабалъ вукIунев, пикраби (хиялал) гIемерав; **~ый челове́к** пикраби (хиялал) гIемерав чи; **~ая пе́сня** пикраби, хиялал гьаризе тIамулеб кечI

ЗАДУ́ МЫВАТЬ *несов. см.* **заду́мать**

ЗАДУ́ МЫВА//ТЬСЯ *несов. см.* **заду́маться; не ~ясь** ургъичIого

ЗАДУРМА́НИВАТЬ *несов. см.* **задурма́нить**

ЗАДУРМА́НИТЬ *сов. что* (*притупить сознание*) мехтизавизе, гIадхазавизе, кIотинавизе

ЗАДУ́ТЬ[1] *сов. что* (*погасить*) пун свинабизе; **~ свечу́** хIедучирахъ пун свинабизе

ЗАДУ́ ТЬ[2] *сов. что тех.* (*разжечь*) бакун хIалтIизе биччазе; **~ до́мну** домна бакун хIалтIизе биччазе

ЗАДУ́//ТЬ[3] *сов.* (*начать дуть*) пузе байбихьизе; **~л ве́тер** гьури пузе байбихьана

ЗАДУШЕ́ВНОСТЬ *ж* ракIжубай, ракIбацIцIалъи, ракIбиччай

ЗАДУШЕ́ВН//ЫЙ, -ая, -ое (*искренний, сердечный*) рекIелаб, ракI бацIцIадаб, ракI рагьараб; **~ый разгово́р** ракI бацIцIадаб гара-чIвари; **~ая пе́сня** рекIелаб (рекIелъан чвахун бачIунеб) кечI

ЗАДУ́ШИ́ ТЬ *сов.* 1) *кого* гьанкъизе 2) *кого-что перен.* зулму (кьварилъи) гьабизе, гIакъуба кьезе

ЗАДЫМИ́ТЬ[1] *сов. что* кIкIуйдуца чIегIерлъизабизе; **~ потоло́к** мукърукьбакI кIкIуйдуца чIегIерлъизабизе

ЗАДЫМИ́ //ТЬ[2] *сов.* (*начать дымить*) кIкIуй бачIине (сверизе) лъугьине; **печь ~ла** печалъуса кIкIуй бачIунеб буго (печалъ кIкIуй рехулеб буго)

ЗАДЫХА́ТЬСЯ *несов.* 1) (*с трудом дышать*) хIалуцине, хIухьел цIазе захIмалъизе, керен къазе 2) (*умирать от недостатка воздуха*) хIухьел (гьава) гIечIого, гьанкъун хвезе вахъине 3) *перен.* къваридаб хIалалде ккезе

ЗАЕДА́ТЬ *несов. см.* **зае́сть**

ЗАЕ́ЗД *м* 1. (*по гл.* **зае́хать**) а) унаго ваккизе щвей; **~ к знако́мым** сапаралъ унаго, лъалел чагIазухъе ваккизе щвей; б) *лъихъениги* вачIин, *лъиданиги* (*сунданиги*) хадув вачIин (*гьев, гьеб*) *жиндаго цадахъ вачинелъун* (*босизелъун*); **~ за бра́том** вацасухъе (вацасда хадув) вачIин (*гьев цадахъ вачинелъун*); в) цогияб рахъалдасан ин (вачин) 2. *спорт.* чIалде рахъин (*рекеризе чуял, гIадамал*)

ЗАЕ́ЗДИТЬ *сов. кого-что разг.* 1) (*измучить ездой*) гIемер рекIиналъ чIун хутIизабизе; **~ лошаде́й** гIемер рекIун, чуял чIун хутIизаризе 2) *перен.* (*замучить непосильной работой*) гуч гIолареб хIалтIи гьабизабун, гIакъуба кьезе

ЗАЕ́ЗДОМ *нареч. разг.* нухда унаго

ЗАЕЗЖА́ТЬ *несов. см.* **зае́хать**

ЗАЕ́ЗЖЕНН//ЫЙ, -ая, -ое *разг.* **1.** гIемер рекIараб (*чу*) **2.** *перен.* киназего баянаб, чIалгIараб, чIамучIлъараб, бизарлъараб; **~ая фра́за** гIинда нахъасан баккараб рагIи, бадисан баккараб рагIи

ЗАЕ́ЗЖИЙ, -ая, -ее вачIун унев, дагьаб мехалъ вачIарав; **~ арти́ст** заманаялъ вачIарав артист

ЗАЁМ *м* заем, къарз; **долгосро́чный ~** халатаб (халат бахъараб) заманалъул заем; **госуда́рственный ~** пачалихъалъулаб заем

ЗАЁМН//ЫЙ, -ая, -ое заемалъул(аб), къарзалъул(аб); **~ое письмо́** къарз хъван тасдикъ гьабулеб кагъат; **~ый проце́нт** къарзалъул (заемалъул) процент

ЗАЕ́//СТЬ *сов.* 1) *кого* хвезабизе, чIвазе, чIам-чIамизе; **во́лк ~л овцу́** бацIица чахъу чIвана 2) *кого-что перен. разг.* (*измучить*) гIакъуба (гIазаб) кьезе; **тоска́ ~ла** чIалгIеналъ (урхъиялъ) гIакъуба кьуна 3) *что чем* (*закусить*) *щибниги жо* кванан, кIалдиса квешаб тIагIам инабизе; **~сть лека́рство са́харом** чакар кванан, даруялъул кьогIлъи инабизе 4) *безл. разг.* лъулъан, кванан тIагIинабизе (хвезабизе); **кана́т ~ло** квар лъулъан хвезабун буго

ЗАЕ́СТЬСЯ *сов. прост.* (*стать привередливым в еде*) кванда чIухIдаризе (рекъонгутIизе)

ЗАЕ́ХАТЬ *сов.* 1) (*к кому-л., куда-л. ненадолго*) нухда унелъул, дагъаб мехалъ жанире лъугьине (раккизе); **~ к родны́м** гIагаразухъе раккизе 2) *за кем-чем-л. лъиданиги/сунданиги* хадув вачIине (*цадахъ вачинелъун, босизелъун*; **~ за детьми́** лъимал рачине вачIине 3) (*въехать*) жанире лъугьине (*рекIун унаго*); **~ во двор** азбаралъуре лъугьине 4) (*подъехать, объезжая*) цогияб рахъалдасан ине (рачIине); **~ сле́ва** квегIисан рачIине (ине) 5) (*уехать не туда, куда следует*) рекIун унаго, батIияб бакIалде ккезе; **~ в тряси́ ну** рекIун унаго, хьцIилъе ккезе 6) (*уехать далеко*) рекIун унаго, рикIкIаде ккезе (щвезе); **~ за́ гору** рекIун унаго, магIарда нахъе щвезе, 7) *кому во что прост.* щвезабизе, лъезе, базе (*зар*); **~ в физионо́мию** гьурмалъ базе (щвезабизе), гьумер чIвазе

ЗАЖА́РИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **зажа́рить(ся)**

ЗАЖА́РИТЬ *сов. что* бежизе, бежизабизе; **~ ры́бу** ччугIа бежизе

ЗАЖА́РИТЬСЯ *сов.* лъикI бежизе, бежун къачIазе (хIадуризе)

ЗАЖА́ТЬ *сов.* 1) *кого-что* (*стиснуть, заткнуть*) къазабизе, гъанкъизе, данде къазе; кквезе; **~ в тиски́** буравгъоцIоца данде къазе; **~ у́ши** гIундул данде къазе 2) *кого-что перен. разг.* нух гьукъизе, квалквал гьабизе; **~ кри́ тику** критикаялъе нух гьукъизе 3) *что перен. прост.* (*утаить деньги и т. п.*) бахчизе, балъго гьабизе (*гIарац ва ц.*) ◊ **~ рот** *кому-л. лъилниги* кIал къазе

ЗАЖДА́ТЬСЯ *сов. кого-что разг.* валагьун чIун, сваказе; **мы тебя́ заждали́ сь** ниж, духъ ралагьун чIун, свакана

ЗАЖЕЛТЕ́//ТЬ *сов.* 1) (*начать желтеть*) тIогьиллъизе лъугьине 2) (*показаться — о желтом*) тIогьиллъун рихьизе; **вдали́ ~ла ни́ ва** рикIкIадасан мегъ тIогьиллъун бихьулеб букIана

ЗАЖЕ́ЧЬ *сов.* 1) *что* рекIинабизе, бакизе; **~ ла́мпу** чирахъ бакизе 2) *кого-что перен.* (*воодушевить*) гъира базабизе (ккезабизе); **~ слу́шателей ре́чью** кIалъаялъ гIенеккаразул гъира базабизе

ЗАЖЕ́ЧЬСЯ *сов.* 1) рекIине*;* **зажгли́ сь ла́мпы** чирахъал рекIана 2) (*появиться — о блеске, свете*) кунчIизе, паркъизе, гвангъизе; **звёзды зажгли́ сь** цIваби кунчIана 3) *перен.* (*воодушевиться*) гъира базе (ккезе), цIа рекIине (*рекIелъ*); **~ любопы́тством** *щибниги* лъазе гъира ккезе; **~ не́навистью к врагу́** тушманасде рокьукълъияльул цIа рекIине (щин гьалаглъизе)

ЗАЖИВА́ТЬ *несов. см.* **зажи́ ть**[1]

ЗАЖИВИ́ ТЬ *сов. что* сахлъизабизе, лъикIлъизабизе; **~ ра́ну** ругъун сахлъизабизе

ЗАЖИВЛЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **заживи́ть**) сахлъизаби, лъикIлъизаби

ЗАЖИВЛЯ́ ТЬ *несов. см.* **заживи́ ть**

ЗА́ЖИВО *нареч.* чIагого; **~ погребённый** чIагого хабалъ лъурав

ЗАЖИГА́ЛКА *ж* (*прибор*) цIагIел

ЗАЖИГА́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **зажечь**) рекIинаби, баки (*цIа, чирахъ*) **2.** (*приспособление*) зажигание, цIа пирхизабулеб жо (*моторалъул*)

ЗАЖИГА́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое 1) цIа рекIинабулеб (ккезабулеб); **~ая бо́мба** цIа ккезабулеб бомба 2) *перен.* (*волнующий*) кIудияб асар гьабулеб, гьира (къасд) бижизабулеб; **~ая речь** кIудияб гьира ккезабулеб (бижизабулеб) кIалъай (цIа лъолеб кIалъай)

ЗАЖИГА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **зажечь(ся)**

ЗАЖИ́М *м* 1. (*по гл.* **зажа́ть**) 1) *тех.* зажим (*бутIги бугеб, щибниги данде къазе хIалтIизабулеб квегIенлъи*) **2.** *перен.* нух къотIи (къай), гьукъи, кквалквал гьаби; **~ кри́ тики** критикиялъе нух къай

ЗАЖИМА́ТЬ *несов. см.* **зажа́ть**

ЗАЖИ́ТОЧНО *нареч.* ресалда, лъикIаб ресалда; **жить ~** ресалда (лъикIаб ресалда) гIумру (яшав, магIишат, бетIербахъи) гьабизе

ЗАЖИ́ ТОЧНОСТЬ *ж* рес буголъи , лъикIаб бетIербахъи буголъи (букIин)

ЗАЖИ́ТОЧНЫЙ, -ая, -ое рес бугев, лъикIаб бетIербахъи бугев; **~ колхо́зник** рес бугев колхозчи

ЗАЖИ́ //ТЬ[1] *сов.* лъикIлъизе, сахлъизе, гьудазе, цIигьанада базе (*ругъун*); **ра́на ~ла** ругъун сахлъана

ЗАЖИ́ТЬ[2] *сов.* бетIербахъи (яшав, магIишат) гьабизе лъугьине (байбихьизе); **~ по-но́вому** цIияб къагIидаялъ магIишат гьабизе лъугьине

ЗАЖМУ́ РИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **зажму́рить(ся)**

ЗАЖМУ́ РИТЬ *сов.*: **~ глаза́** берал къапезаризе, къанцезаризе

ЗАЖМУ́ РИТЬСЯ *сов.* данде къазе (*берал*), къанцизе

ЗАЗВА́ТЬ *сов. кого-что разг.* гъигъидун, гьара-цIалун ахIизе; **~ в го́сти** гъигъидун гьоболлъухъ ахIизе

ЗАЗВЕНЕ́//ТЬ *сов.* зваргъезе лъугьине; зваргъи ргIизе лъугьине; **~ли голоса́** гьаркьал ргIизе лъугьана

ЗАЗВОНИ́ ТЬ *сов.* цIумур кьабизе (зваргъезабизе) лъугьине

ЗАЗВУЧА́//ТЬ *сов.* гьаракь бахъине (ргIизе); **ря́ дом ~л знако́мый го́лос** аскIоб лъалеб гьаракь ргIана

ЗАЗДРА́ВНЫЙ, -ая, -ое сахлъиялдасан (савлухъалдасан) гьабулеб; *лъилниги* сахлъиялдасан гьекъолеб; **~ тост** сахлъиялдасан гьекъолеб лълъар *(гьара-рахьиялъул ргIабиги абун)*

ЗАЗЕВА́ТЬСЯ *сов. разг.* тохлъизе, хагазе

ЗАЗЕЛЕНЕ́//ТЬ *сов.* 1) (*стать зеленым*) гIурччинлъизе, гIурччинлъизе лъугьине; **~ли луга́** мучIдул гIурччинлъизе байбихьана 2) (*показаться — о зеленом*) гIурччинго бихьизе

ЗАЗЕЛЕНИ́ ТЬ *сов.* гIурччинлъизабизе, гIурччинлъи бахинабизе (*ратIида ва ц.*); **~ пла́тье** гордида гIурччинлъи бахинабизе

ЗАЗЕМЛЕ́НИЕ *с* (*по гл. заземли́ ть*) токалдаса цIунизе электрикалъул квар ракьулъе ккезаби

ЗАЗЕМЛИ́ТЬ *сов. что* ракьулъе балагьизабизе (ккезабизе) (*электрикалъул квар*); **~ антéнну** антеннаялъул цо квар ракьулъе ккезабизе

ЗАЗЕМЛЯ́ ТЬ *несов. см.* **заземли́ ть**

ЗАЗИМОВА́//ТЬ *сов.* (*остаться зимовать*) кьин тIамизе (тIамун) чIезе, хутIизе; **экспеди́ ция ~ла в Антаркти́ де** экспедиция кьин тIамизе Антарктидаялда хутIана

ЗАЗНАВА́ТЬСЯ *несов. см.* **зазна́ться**

ЗАЗНА́ЙКА *ж, м разг.* гIамалкIодо, пархруяв чи, чIухIдарухъан

ЗАЗНА́ЙСТВО *с разг.* чIухIдари, пахрулъи, гIамал кIодолъи

ЗАЗНА́ТЬСЯ *сов. разг.* чIухIизе, пахрулъизе, гIадамал рикIкIунгутIизе, жиндасаго жиндирго ракI регьине

ЗАЗНО́БА *ж уст.* 1) рокьи, гIишкъу, гIашикълъи 2) йокьулей

ЗАЗО́РН//ЫЙ, -ая, -ое *разг.* ничаб, нечезе ккараб, гIайибаб; **в э́ том нет ничего́ ~ого** гьениб щибниги нечезе ккараб жо гьечIо

ЗАЗРЕ́НИ//Е *с*: **без ~я со́вести** нич гьечIого, намус гьечIого

ЗАЗУ́ БРИВАТЬ(СЯ)[1,2] *несов. см.* **зазу́брить(ся)**[1,2]

ЗАЗУ́ БРИНА *ж* кьужен (*носол ва ц. балалда*); **коса́ с ~ми** кьужен рехараб (балалда гажал лъугьараб) харицел

ЗАЗУБРИ́ ТЬ[1] *сов.* гажал лъугьинаризе (*балалда*), кьужен рехизабизе; **~ топо́р** гIощтIода кьужен рехизабизе, гIощтIода гажал лъугьинаризе; **~ косу́** харицелалда кьужен рехизабизе, харицелалда гажал лъугьинаризе (харицел гажахинабизе)

ЗАЗУБРИ́ТЬ[2] *сов. что разг.* (*выучить наизусть*) рекIехъе лъазабизе (*магIнаго бичIчIичIого*)

ЗАЗУБРИ́ТЬСЯ[1] *сов.* (*об острых предметах*) кьужен рехизе, гажал лъугьине (*сундулниги балалда*); **нож зазубри́ лся** носол балалда кьужен рехана

ЗАЗУБРИ́ ТЬСЯ[2] *сов. разг.* гIемераб мехалъ реекIехъе лъазабизе; (*отупеть от зубрёжки*) гIемер рекIехъе лъазабиялъ пагьму хвезе

ЗАЗЫВА́ТЬ *несов. см.* **зазва́ть**

ЗАЙГРАНН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*ставший негодным*) ярагьунареб, хвараб (*гIемер хIалтIизабун*); **~ая пласти́ нка** гIемер хIалтIизабун, хвараб пластинка 2) (*ставший избитым*) гIемер хIан басралъараб (чIалгIараб, чIамучIлъараб); **~ая пье́са** гIемер хIан басралъараб (чIамучIлъараб, чIалгIараб) пьеса

ЗАИГРА́ТЬ[1] *сов.* (*начать играть*) хIазе лъугьине; хъвазе (бакъан бачине) байбихьизе

ЗАИГРА́ТЬ[2] *сов.* 1) *что* (*привести в негодность*) хвезабизе, басралъизабизе (*гIемер хIан, хIалтIизабун*); **~ ка́рты** гIемер хIан кагътал басралъизаризе 2) *что* (*сделать избитым, банальным*) чIамучIлъизабизе, чIалгIинабизе, бадисан баккизабизе

ЗАИГРА́ТЬСЯ *сов. разг.* (*увлекшись игрой, забыть о времени*) хIаялде (бачиналде, хъваялде, расандиялде) машгъуллъун, заман кIочон тезе; **~ до полу́ночи** заман кIочон тун, сордо бащалъизегIан хIазе

ЗАИ́ГРЫВАНИЕ *с разг.* (*по гл.* **заи́грывать**[2]) 1) махсара-хочIалда, жаваб кьезелъун, *лъиданиги* хъатIи, валъаргъин 2) *перен. щивниги* жиндирго рахъалдехун цIазелъун, хIелхIеди, бадибе рещц-бакъ гьаби

ЗАИ́ ГРЫВАТЬ[1] *несов. см.* **заигра́ть**[1]

ЗАИ́ ГРЫВАТЬ[2] *несов. с кем разг.* 1) (*кокетничать*) гогьдаризе 2) *перен.* (*заискивать*) *щивниги* жиндирго рахъалде цIазелъун, хIелхIедизе, бадибе рещц-бакъ гьабизе

ЗАИ́ ГРЫВАТЬСЯ *несов. см.* **заигра́ться**

ЗАИ́ КА *м, ж разг.* мацI барав чи

ЗАИКА́НИЕ *с* (*по гл.* **заика́ться**) мацI бай, мацI бабади

ЗАИКА́ТЬСЯ *несов.* 1) (*страдать заиканием*) мацI базе, мацI бабадизе 2) *см.* **заикну́ться**

ЗАИКНУ́//ТЬСЯ *сов. разг.* 1) (*запнуться на полуслове*) ргIул цо ргIал баккизе, минкъан вахъине 2) *о ком-чем разг.* (*упомянуть, намекнуть*) бакка-баши гьабун тезе, баккун (ишара гьабун) тезе; **он и не ~лся о пое́здке** иналъул (сапаралъул) дос бакка-башиго гьабичIо

ЗАИМООБРА́ЗНО *нареч.* къарзалъ, къарзалъ (бекIеда) босун, нахъбуссинабизелъун; **дать де́ньги ~** къарзалъ гIарац кьезе

ЗАИ́ МСТВОВАНИ//Е *с* **1.** (*по гл.* **заи́ мствовать**) боси (цогидалдаса); **~е слов** цоги мацIалдаса ргIаби роси **2.** (*то, что заимствовано*) босараб жо; **иноязы́ чные ~я** батIияб мацIалдаса росарал ргIаби

ЗАЙМСТВОВАНН//ЫЙ, -ая, -ое босараб (*кисаниги, лъихъаниги*); **~ые слова́** батIияб мацIалдаса росарал ргIаби

ЗАЙМСТВОВАТЬ *сов. и несов. что* босизе (*кисаниги, лъихъаниги*); **~ слова́ из ру́сского языка́** гIурус мацIалдаса ра-гIаби росизе

ЗАИНДЕВЕ́ЛЫЙ,, -ая, -ое саву ккараб, савуялъ бацараб

ЗАИНДЕВЕ́ТЬ *сов.* савуялъ бацизе, саву ккезе

ЗАИНТЕРЕСО́ВАННОСТЬ *ж* интерес (мурад) букIин, пайда-хайир букIин

ЗАИНТЕРЕСО́ВАННЫЙ, -ая, -ое 1) (*проявляющий интерес к чему-л.*) *сундулниги-лъилниги* интерес гьабулев 2) пайдаяб, пайда бугеб, интерес букIиналда хурхараб

ЗАИНТЕРЕСОВА́//ТЬ *сов. кого-что* 1) (*возбудить интерес*) интерес бижизабизе; **его́ расска́з всех ~л** досул харбица киназулго интерес бижизабуна 2) (*привлечь выгодой, пользой*) мурад букIинабизе, гьира цIикIкIинабизе, пайда-хайиралъ интерес бачIинабизе, жиндего цIазе

ЗАИНТЕРЕСОВА́ТЬСЯ *сов. кем-чем* интерес гьабизе; интерес багъаризе (бижизе), гьира ккезе; тIалаб (агъаз) гьабизе; **~ кни́ гой** тIехьалъул интерес гьабизе, тIехьалде интерес бижизе

ЗАИНТЕРЕСО́ВЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **заинтересова́ть(ся)**

ЗАИНТРИГОВА́ТЬ *сов. кого-что* интерес бижизабизе, кIвар буссинабизе, лъазе гьира базабизе (*щибниги тамашаяб, нахъгIунтIизе захIматаб жоялдалъун*)

ЗАИ́ СКИВАНИЕ *с* хIели, хIелхIеди

ЗАЙСКИВАТЬ *несов. перед кем-чем* хIелизе, хIелхIедизе; **~ пе́ред нача́льством** хIакимзабазе хIелхIедизе

ЗАЙСКИВАЮЩ//ИЙ, -ая, -ее хIелулеб, хIелхIедулеб; **~ая улы́ бка** хIел-хIелаб гьими

ЗАИСКРИ́ //ТЬСЯ *сов.* кенчIезе лъугьине, кунчI-кунчIизе байбихьизе, кунчI-кунчIизе, цIа пирхизе; **глаза́ ~лись** берал кенчIезе лъугьана

ЗА́ЙКА *м ласк. к* **за́яц**

ЗА́ЙМА, за́йму *и т.д. род., дат. п. и т. д. от* **заём**

ЗАЙМОДЕРЖА́ТЕЛЬ *м* заемалъул бетIергьан, заемалъул облигациялъул бетIергьан; облигация бугев чи

ЗАЙМУ́ , займёшь *и т. д. буд. от* **заня́ ть**[1,2]

ЗАЙТИ́ *сов.* 1) (*в разн. знач.*) *киреиги* щвезе, ине, лъугьине; **~ в магази́ н** тукаде щвезе; **~ навести́ ть** *кого-л. лъудениги* ваккизе щвезе; **~ за кни́ гой** тIехьалда хадув ине (щвезе); **~ спра́ва** кваранисан лъугьине (ине); **~ по го́рло в во́ду** щокърове (горбониве) щвезегIан лъелъе лъугьине 2) (*о небесных светилах*) щинкIизе, тIерхьине; **со́лнце зашло́** бакъ тIерхьана 3) (*начаться*) ккезе, байбихьизе; **разгово́р зашёл об охо́те** хабар ккана чанахъан-лъиялъул хIакъалъулъ 4) *перен.* ...даса ине (борчIизе); **спор зашёл сли́ шком далеко́** дагIба гIорхъодаса ана (борчIана); **на́ша бесе́да зашла́ за́ полночь** нижер хабар-кIал сордо бащалъудаса ун батана ◊ **~ в тупи́ к** рес кьотIараб хIалалде ккезе

ЗА́ЙЦА, за́йцу *и т. д. род., дат. п. и т. д. от* **за́яц**

ЗАЙЧА́ТИНА *ж* гIанкIил гьан

ЗА́ЙЧИК *м* 1) *уменьш. от* **за́яц** 2) *разг.* (*световой*) матIуялъ речIчIизабулеб бакъул нур

ЗАЙЧИ́ ХА *ж* цIугIанкI, цIуяб гIанкI

ЗАЙЧ//О́НОК *м* (*мн.* **~ата**) гIанкIитIинчI

ЗАКАБАЛЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **закабали́ть**) цIобалде гьоркье ккезари, жинде хIажаталлъун (жинда раралъун) гьари; лагъльуде (ргIиятлъиялде) ккезари **2.** (*по гл.* **закабаля́ться**) чияр цIобалде ккей; лагъльиялде (ргIиятлъиялде) ккей

ЗАКАБАЛИ́ТЬ *сов. кого-что* жиндир цIобалде ккезаризе, лагъльуде (ргIиятлъиялде) ккезаризе

ЗАКАБАЛИ́ТЬСЯ *сов.* чияр цIобалде ккезе, лагъльиялде (ргIиятлъиялде) ккезе

ЗАКАБАЛЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **закабали́ ть(ся)**

ЗАКАДЫ́ЧНЫЙ, -ая, -ое: **~ друг** ракI бащадав гьудул, рекIелав гьудул

ЗАКА́З *м* 1) заказ (*цо щибниги иш гьабизе, тIубазе, щвезабизе тIад къай*); **предвари́ тельный ~** цебеккунго гьабураб (кьураб) заказ; **стол ~ов** заказазул стол; **сде́лать** *что-л.* **на ~** *щибниги жо* заказалдалъун гьабизе 2) *разг.* (*заказанная вещ*) заказ гьабураб жо; **~ гото́в** заказ хIадур (тIубан) буго

ЗАКАЗА́ТЬ *сов. что* заказ гьабизе (кьезе); **~ пла́тье** гурде (букъизе) заказ кьезе

ЗАКАЗН//О́Й -а́я, -о́е: **~о́е письмо́** заказ гьабураб кагъат (*тIаде гIарацги кьун, жавабчилъиги цIикIкIинабун, битIулеб кагъат*)

ЗАКА́ЗЧИК *м* заказчик, заказ гьабурав (кьурав) чи

ЗАКА́ЗЧИЦА *ж* заказ гьабурай (кьурай) чIужу

ЗАКА́ЗЫВАТЬ *несов. см.* **заказа́ть**

ЗАКА́Л *м* **1.** (*по. гл.* **закали́ ть**) лъадари; **~ ста́ли** чармил лъадари **2.** *перен.* къохIехьей, къвакIи́; **челове́к ста́рого ~а** къвакIараб черхалъул чи, къвакIарав чи, къо хIехьолев чи, цебесеб тарбия щварав чи; гIолохъанаб гIелалдаса къвакIарав чи

ЗАКАЛЁНН//ЫЙ, -ая, -ое 1) *тех.* лъадарараб; **~ая сталь** лъадарараб чаран 2) *перен.* (*выносливый, стойкий*) къвакIарав, къо хIехьолев; **~ая в боя́ х а́рмия** рагъазулъ лъадарараб армия; **~ый революционе́р** къвакIарав, хIал бихьарав революционер

ЗАКА́ЛИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **закали́ ть(ся)**

ЗАКАЛИ́ТЬ *сов.* 1) *что тех.* лъадаризе; **~ сталь** чаран лъадаризе 2) *кого-что перен.* къвакIизавизе (*чорхолъ*), къо хIехьолевлъун лъугьинавизе; **~ здоро́вье** чорхолъ къвакIизавизе (сахлъи щула гьабизе, къвакIизабизе)

ЗАКАЛИ́ТЬСЯ *сов.* 1) *тех.* лъадарун къвакIизе (*чаран*) 2) *перен.* лъикI къвакIизе (*чорхолъ*), къо хIехьолевлъун лъугьине; **~ в боя́ х** рагъазулъ лъадаризе

ЗАКА́ЛКА *ж см.* **зака́л**

ЗАКА́ЛЫВАТЬ *несов. см.* **заколо́ть**

ЗАКАЛЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **закали́ ть(ся)**

ЗАКА́НЧИВАТЬ *несов. см.* **зако́нчить**

ЗАКА́НЧИВА//ТЬСЯ *несов.* 1) *см.* **зако́нчить(ся)** 2) *чем* (*иметь своим окончанием*) -далъун лъугIизе; **штурм ~ется взя́тием кре́пости** гьужум хъала бахъиялдалъун лъугIула

ЗАКА́ПАТЬ *сов.* 1) (*начать капать*) тIинкIизе лъугьине; гIеккезе 2) *кого-что* (*запачкать*) чорок гьабизе ~ **стол черни́ -лами** стол шакъиялъ чорок гьабизе 3) *что разг.* (*ввести по капле*) тIинкIизабизе (*къатIра ккун*); **~ лека́рство** дару тIинкIизабизе

ЗАКА́ПАТЬСЯ *сов.* (*забрызгаться каплями*) *сундулниги* тIирабаз живго хъуб гьавизе

ЗАКА́ПЫВАТЬ[1] *несов. см.* **зака́пать**

ЗАКА́ПЫВАТЬ[2] *несов. см.* **закопа́ть**

ЗАКА́ПЫВАТЬСЯ *несов. см.* **закопа́ться**

ЗАКА́РКАТЬ *сов.* гъагъадизе лъугьине (*гъеду*)

ЗАКА́РМЛИВАТЬ *несов. см.* **закорми́ ть**

ЗАКА́Т *м* (*заход*) тIерхьин, щинкIи; **~ со́лнца** бакъ тIерхьин 2) (*время захода солнца*) бакътIерхьул гIуж; **на ~е** бакътIерхьул гIужалъ 3) *перен.* ахир (*гIумруялъул*); **жизнь его́ бли́зится к ~у** досул гIумруялъул ахир гIагарлъулеб буго, досул гIумру ахиралде щолеб буго; **на ~е дней** херлъараб къоялъ, харадуниб

ЗАКАТА́ТЬ *сов.* 1) *кого-что во что щибниги* тIад жемизе, *сундулъниги* гуризе*;* **~ в полоте́нце** полотенцеялда гъорлъ жемизе, полотенцаялъулъ гуризе 2) *что разг.* (*засучить*) гуризаризе, гуризе; тIадехун чIвазе; **~ рукава́** къвалал гуризе 3) *что* (*заровнять катком*) битIа-бишизабизе (*тIад михир бачун*)

ЗАКАТИ́ТЬ *сов. что* гиризабизе, бачине, гирун *кибениги* щвезабизе; **~ коля́ ску в сара́й** коляска гирун гьоробе щвезабизе; **~ мяч под дива́н** торгIо диваналда гъоркье гиризабизе 2) *прост.* (*ударить*) кьабизе, щвезабизе, лъезе, чIвазе (гьумер); **~ пощёчину** хъатица гьумер чIвазе (гьурмалъ хъат базе) ◊ **~ глаза́** берал хъамизе

ЗАКАТИ́ //ТЬСЯ *сов.* 1) гирун *кибениги* ккезе; **мяч ~лся под дива́н** торгIо диваналда гъоркье гирун ана 2) (*о небесных светилах*) тIерхьине, щинкIизе; **со́лнце ~лось** бакъ тIерхьана 3) *перен.* (*прийти к концу*) лъугIизе, тIагIине; **сла́ва ~лась** машгъурлъи лъугIана ◊ **~ться сме́хом** рекIедаса ун велъизе, гIагIадизе

ЗАКА́ТЫВАТЬ[1] *несов. см.* **заката́ть**

ЗАКА́ТЫВАТЬ[2] *несов. см.* **закати́ ть**

ЗАКА́ТЫВАТЬСЯ *несов. см.* **закати́ ться**

ЗАКАЧА́//ТЬ *сов. кого-что* 1) (*усыпить качая*) кIибикIун кьижизабизе 2) (*замучить качкой*) гIемер хьвагIезабун, гьелчезабун гIадхазабизе (бетIер сверизабизе); **~ло на парохо́де** гамида бетIер сверана (гама рекIана)

ЗАКАЧА́//ТЬСЯ *сов.* кIибикIахъдизе байбихьизе (лъугьине); **ло́дка ~лась на волна́х** раса карачелазда тIад гьелчезе (хьвагIезе) байбихьана (лъугьана)

ЗАКА́ШЛЯТЬ *сов.* хъегIдизе лъугьине (байбихьизе)

ЗАКА́ШЛЯТЬСЯ *сов.* гьоркьоса къотIичIого, кутакалда хъегI-дизе лъугьине; **~ от ды́ ма** кIкIуйдуца кутакалда хъегIдизе гьавизе

ЗАКА́Я//ТЬСЯ *сов. с неопр. разг.* тавбу гьабизе, тIокIаб гьабиларилан рагIи кьезе; **~ться не кури́ть** хъалиян тезе (цIангутIизе) рагIи кьезе

ЗАКВА́СИТЬ *сов. что* беччизабизе, беччизе лъезе; цIекIлъизе лъезе, цIекIлъизе тезе

ЗАКВА́СИ//ТЬСЯ *сов.* беччизе, беччун бахъине (*тесто*); цIекIлъизе, цIекIлъун бахъине (*капуста, рахь*); **капу́ста ~лась** капуста цIекIлъун бахъана

ЗАКВА́СКА *ж* **1.** (*по гл.* **заква́сить**) беччизе лъей; цIекIлъизе лъей (*рахь, капуста*) **2.** (*по гл.* **заква́ситься**) беччи, беччун бахъин; цIекIлъи, цIекIлъун бахъин **3.** (*вещество для брожения*) реччеб (реччe)

ЗАКВА́ШИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **заква́сить(ся)**

ЗАКИДА́ТЬ *сов. кого-что разг.* 1) бан цIезабизе (бахчизабизе); **~ я́ му землёй** ракь бан, гвенд цIезабизе (бахчизабизе) 2) *перен.* тIатIала гIемер кьезе (рехизе, базе); **~ вопро́сами** тIатIала гIемерал суалал кьезе ◊ **~ ша́пками** тIагърал рехун, хъала бахъизе *(бигьаго ва хехго бергьинилан, жидеего гьабулеб рецц-бакъ)*

ЗАКИ́ ДЫВАТЬ[1] *несов. см.* **закида́ть**

ЗАКИ́ ДЫВАТЬ[2] *несов. см.* **заки́ нуть**

ЗАКИ́ НУТЬ *сов. что* 1) (*бросить*) рехизе; **~ сеть** гьин рехизе 2) лъезе, батIайиса лъезе; **~ но́гу на́ ногу** бохалда бох лъезе ◊ **~ слове́чко** *щибниги* ракIалде щвезабизе, *лъие гIолониги* кIал кIалъазе

ЗАКИПА́ТЬ *несов. см.* **закипе́ть**

ЗАКИПЕ́//ТЬ *сов. прям., перен.* гьалдезе лъугьине, гьализе; **вода́ ~ла** лъим гьалана; **рабо́та ~ла** хIалтIи гьалдезе лъугьана (хIалтIуда цIа лъуна; хIалтIуда кор боркьизабуна)

ЗАКИСА́ТЬ *несов. см.* **заки́ снуть**

ЗАКИ́ С//НУТЬ *сов.* 1) цIекIлъизе; **те́сто ~ло** хамур (буцараб жо) цIекIлъана 2) *перен. разг.* вечIазе; *сундего* гъира, интерес хвезе; *сундулго* ургъел гьечIевлъун лъугьине

ЗАКЛА́Д *м уст.* гьоркьлъел; гьоркьлъалие кьей; **отда́ть часы́ в ~** гьоркьлъалие сагIат кьезе; **взять де́ньги под ~** гьоркьлъелги кьун, гIарац босизе 2) гьоркьожо; **вы́ играть ~** гьоркьожо бан, бергьине ◊ **би́ться об ~** гьоркьожо базе

ЗАКЛА́ДКА *ж* **1.** (*по гл.* **заложи́ть**) тIами, лъей, гьаби; **~ фунда́мента** кьучI тIами (лъей); **~ са́да** ах гьаби **2.** (*в книге*) тIехьалда гьоркьоб лъолеб чIоло (*щвараб бакI лъазе*)

ЗАКЛА́ДЫВАТЬ *несов. см.* **заложи́ ть**

ЗАКЛА́ДЧИК *м уст.* гьоркьлъалие къайи *ва ц.* лъолев чи

ЗАКЛЕВА́//ТЬ *сов. кого* 1) (*убить клювом*) гозоялъ бухун, хвезабизе, гозо кIутIун, хвезабизе; **я́стреб ~л цыплёнка** хъарчигъаялъ гIанкIудал тIинчI, гозо кIутIун, хвезабуна 2) *перен. разг.* кIвекIизе, чара хвезабизе, гIакъуба кьезе, къварид гьабизе (*гIайибал рикIун, багьанаби гьарун*)

ЗАКЛЕ́ИВАТЬ *несов. см.* **закле́ить**

ЗАКЛЕ́ИТЬ *сов.* седезе; **~ ра́мы бума́гой** гордазда (рамабазда) кагъат седезе; **~ конве́рт** конверт (бухча) седезе

ЗАКЛЕ́ЙКА *ж* **1.** (*по гл.* **закле́ить**) седей; **2.** (*то, чем заклеивают*) седолеб кесек (чIоло)

ЗАКЛЕПА́ТЬ *сов. что тех.* магI базе

ЗАКЛЁПКА *ж* **1.** (*по гл.* **заклепа́ть**) магI бай, перчин гьаби **2.** (*металлический стержень*) магI (*маххул жал цоцада рекIинаризе хIалтIизабулеб*)

ЗАКЛЁПЫВАТЬ *несов. см.* **заклепа́ть**

ЗАКЛИНА́НИ//Е *с* 1) *рел.* (*магические слова*) сихIру, сихIрудугIа; **произноси́ть ~** сихIру-дугIа гьабизе, сихIрудул рагIаби абизе 2) (*мольба, просьба*) бетIер чIван гьари

ЗАКЛИНА́ТЬ *несов.* 1) *кого-что рел.* (*произносить магическкие слова*) бер бухьине, сихIру гьабизе; сихIру-дугIа цIалун, мутIигI гьабизе 2) *кого* (*умолять*) бетIер чIван гьаризе

ЗАКЛИ́ НИВАТЬ *несов. см.* **закли́нить**

ЗАКЛИ́НИТЬ *сов. что* 1) лъутI кьабун, щула (дугъдазе) гьабизе; **~ бревно́** чIалу, лъутI кьабун, щула гьабизе 2) (*лишить возможности двигаться*) къан кквезабизе, къан хутIизабизе; багъаризе, сверизе биччангутIизе

ЗАКЛЮЧА́//ТЬ *несов.* 1) *см.* **заключи́ть** 2) *что* (*содержать*) жиндилъ (жинда жаниб, жиндир) букIине; **письмо́ ~ет в себе́ глубо́кий смысл** кагътил гъваридаб магIна буго

ЗАКЛЮЧА́//ТЬСЯ *несов.* 1) (*находиться в чем-л.*) *кибниги* букIине 2) (*заканчиваться*) тIубазе, лъугIизе; **письмо́ ~ется пожела́ниями** кагъат рахьиялдалъун лъугIун буго 3) (*состоять в чем-л.*) букIине, ккезе; **в э́ тих слова́х ~ется осо́бый смысл** гьел рагIабазулъ хасаб магIна буго

ЗАКЛЮЧЕ́НИ//Е *с* **1.** (*по гл.* **заключи́ ть**) гьаби; жанибе боси; **~е ми́ ра** рекъел гьаби; **~е в ско́бки** скобкабазда жанибе боси **2.** 1) (*нахождение в заключении*) туснахъалда (жанив тIамун) вукIин 2) (*вывод*) хIасил, хIасилаб хIукму; **~е врача́ о боле́зни** унтул хIакъалъулъ тохтурасул хIасилаб хIукму 3) (*заключительная часть*) ахир, ахирияб хIасил; **в ~е** ахиралдаги, тIарамагъадаги

ЗАКЛЮЧЁННЫЙ *м* туснахъ, жанив тIамурав чи, туснахъ гьавурав чи

ЗАКЛЮЧИ́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое ахирияб, тIарамагъадисеб; хIасиллъун бугеб; **~ое сло́во** ахирияб рагIи; **~ая часть докла́да** докладалъул ахирияб бутIа

ЗАКЛЮЧИ́ТЬ *сов.* 1) *что* гьабизе; **~ мир** рекъел гьабизе 2) *кого-что* тIамизе, лъезе; **~ в тюрьму́** туснахъалда тIамизе, жанив тIамизе 3) *что* (*поместить внутрь*) жанибе босизе (бачине); **~ в ско́бки** скобкабазда жанибе бачине 4) *что* (*сделать вывод*) хIасил гьабизе 5) *что* (*закончить*) лъугIизабизе; **~ речь пожела́ниями** кIалъай гьари-рахьиялдалъун лъугIизабизе

ЗАКЛЯ́ТЫЙ, -ая, -ое: **~ враг** рокьукъав (нагIана батаяв) тушман

ЗАКОВА́ТЬ *сов.* 1) *кого-что* маххал разе, хIухьдул разе; **~ престу́пника** такъсирчиясда маххал разе 2) *что перен.* (*реку*) цIер чIвазе (*гIоралда*), цIороца бацизе 3) *кого-что вет.* тIикъва чIвазе

ЗАКО́ВЫВАТЬ *несов. см.* **заковáть**

ЗАКОВЫЛЯ́ТЬ *сов. разг.* 1) (*начать ковылять*) рекъдизе лъугьине 2) (*пойти, хромая*) рекъдулаго ине

ЗАКОЛА́ЧИВАТЬ *несов. см.* **заколоти́ ть**

ЗАКОЛДО́ВАНН//ЫЙ, -ая, -ое сихIру гьабураб; **~ое ме́сто** сихIру гьабураб бакI ◊ **~ый круг** нахъгIунтIизе кIоларе6, бетIермагъ батулареб хIал

ЗАКОЛДОВА́ТЬ *сов. кого-что* 1) (*заворожить*) сихIру гьабизе, бер бухьине 2) *перен.* (*очаровать*) хIайранлъизавизе, сагъвиллъизавизе

ЗАКОЛДО́ВЫВАТЬ *несов. см.* **заколдова́ть**

ЗАКОЛЕБА́//ТЬСЯ *сов.* 1) (*закачаться*) хъвагIезе (сородизе) лъугьине; **земля́ ~лась** ракь сородизе лъугьана 2) (*стать нерешительным*) васвасдизе, щак-щакалде ккезе; **он ~лся: е́хать ему́ и́ли нет** дов вас-васдизе лъугьана: ундай лъикI яги инчIогодай чIела

ЗАКО́ЛКА *ж* (*для волос*) заколка (*рас, гъал кквезе чIвалеб жо*)

ЗАКОЛОСИ́//ТЬСЯ *сов.* тIорода базе, тIор базе лъугьине; **пщени́ца ~лась** ролъ тIорода базе лъугьана

ЗАКОЛОТИ́ ТЬ *сов. что* 1) (*вбить*) чIвазе (*маг1)*; **~ гвоздь в сте́ну** къеда магI чIвазе 2) (*заделать, закрыть*) магIал чIван, бацизе (къазе, щула гьабизе) 3) бухизе лъугьине 4) (*забить до смерти*) бухун хвалде ккезабизе

ЗАКОЛО́//ТЬ *сов.* 1) *кого-что* (*насмерть*) бегIераб, рекIараб жоги къазабун, чIвазе; **~ть свинью́** болъон чIвазе (хъухьун) 2) *что* (*скрепить*) чIвазе, къазабизе, щула гьабизе; **~ть га́лстук була́вкой** галстукалда рукIкIен чIвазе 3) *безл.* (*начать колоть*); **у меня́ ~ло в боку́** дир хьолбода хIенсезе лъугьана 4) *разг.* цIул хъвалхьине лъугьине

ЗАКОЛЫХА́//ТЬСЯ *сов.* багъарахъдизе (багъа-бачаризе, гьаргьадизе; парпадизе) лъугьине; **знамёна ~лись** байрахъал парпадизе лъугьана

ЗАКОЛЬЦЕВА́ТЬ *сов. кого-что* 1) гор ххезе (*хIанчIазул боздузда, ччугIил рачIалда*) 2) гъотIол хъалалда (макъаралда) сверун гор бахъизе

ЗАКО́Н *м* 1) закон, къанун; **~ы приро́ды** тIабигIаталъул законал; **изда́ть ~** закон бахъизе; **объяви́ ть вне ~а** законалъ цIунулареблъи лъазабизе 2) *мн.* **~ы** (*правила*) къагIидаби; **~ы правописа́ния** битIунхъваялъул къагIидаби ◊ **для него́ ~ не пи́сан** дос бокьа-бокьараб гьабула, досие закон гьечIо; **~ вéжливости** адаб-хъатиралъул къагIида; **его́ слова́ для меня́ ~** досул рагIаби дие закон ккола

ЗАКО́ННОСТЬ *ж* законияб букIин, законалда рекъей; законал; **социалисти́ ческая ~** социалистиял законал

ЗАКО́НН//ЫЙ, -ая, -ое 1) законияб; **~ый докуме́нт** законияб документ; **на ~ом основа́нии** законияб кьучIалда 2) *перен.* (*справедливый*) битIараб, ритIухъаб; **~ый упрёк** битIараб бадибчIвай 3) (*о браке: зарегистрированный*) загсалда хъвай-хъвагIай гьабураб, законияб; **~ый брак** загсалда хъвай-хъвагIай гьабураб ригьин, законияб ригьин

ЗАКОНОДА́ТЕЛЬ *м* 1) закон бахъулев чи, законал рахъулев чи, законал рахъулеб идара 2) *перен.* цIиял къагIидаби рахъулев чи; **~ мод** цIиял модаби рахъулев чи

ЗАКОНОДА́ТЕЛЬНИЦА *ж* цIиял къагIидаби (формаби, модаби) рахъулей чIужу

ЗАКОНОДА́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое законал рахъулеб, законал рахъизе ихтияр бугеб; **~ая коми́ссия** законал рахъулеб комиссия

ЗАКОНОДА́ТЕЛЬСТВО *с* 1) (*составление и издание законов*) законал гIуцIи ва гьел рахьи 2) (*совокупность законов*) цадахъ киналго законал; **~ о трудé** захIматалъул хIакъалъулъ законал

ЗАКОНОМЕ́РНО *нареч.* законалда рекъон

ЗАКОНОМЕ́РНОСТЬ *ж* законалда рекъон букIин, законалда рекъей, законалда дандеккей

ЗАКОНОМЕ́РНЫЙ, -ая, -ое законалда рекъолеб (данде ккколеб, дурусаб)

ЗАКОНОПА́ТИ//ТЬ *сов. что* бугIун цIезабун, бацизе; **~ть щéли в стене́** къадалъ картIал (кьватIелал), ругIун цIезарун, рацизе

ЗАКОНОПА́ЧИВАТЬ *несов. см.* **законопа́тить**

ЗАКОНОПРОЕ́КТ *м* законалъул проект (*тасдикъ гьабизе законал рахъулеб идараялъухъе кьолеб*)

ЗАКОНСЕРВИ́РОВАТЬ *сов. что* 1) консерв гьабизе; **~ фру́кты** пихъил консервал гьаризе 2) (*приостановить*) чIезабизе; **~ строи́ тельство до́ма** мина бай чIезе тезе

ЗАКОНСПЕКТИ́РОВАТЬ *сов. что* конспект гьабизе, хъвазе

ЗАКОНСПИРИ́РОВАТЬ *сов. что* балъгояблъун гьабизе; **~ я́вочную кварти́ ру** дандеблъизе бугеб рукъ балъго гьабизе

ЗАКОНТРАКТОВА́ТЬ *сов. кого-что* цебеккунго къотIи гьабизе; **~ скот** боцIи кьезе (бичизе) цебеккунго къотIи гьабизе

ЗАКОНТРАКТО́ВЫВАТЬ *несов. см.* **законтрактова́ть**

ЗАКО́НЧЕННОСТЬ *ж* тIубай, тIубараблъун (лъугIарабл ъун) букIин, камиллъи, щвалде щвей; **~ мы́ сли** пикруялъул камиллъи

ЗАКО́НЧЕНН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*завершенный*) тIубараб, лъугIараб; **~ая мысль** тIубараб пикру; **~ое вы́сшее образова́ние** тIубараб тIадегIанаб лъай 2) (*достигший совершенства*) щвалде щвараб, камилаб, тIадегIанаб даражаялъул; унго-унгояб; **~ый худо́жник** унго-унгояв (камилав) художник

ЗАКО́НЧИТЬ *сов. что* лъугIизабизе, тIубазабизе, рагIалде бахъинабизе; **~ рабо́ту** хIалтIи лъугIизабизе

ЗАКО́НЧИ//ТЬСЯ *сов.* лъугIизе, тIубазе, ахиралде щвезе; **совеща́ние ~лось** данделъи (совещание) лъугIана

ЗАКОПА́ТЬ *сов.* 1) *кого-что* (*зарыть*) ракьулъ бахчизе (букъизе); **~ клад** хазина ракьулъ бахчизе 2) *что* (*сровнять с землей*) ракьул гьумералда (ракьалда) бащад гьабизе; *щибниги* бан, цIезабизе; **~ я́ му** гвенд цIезабизе (*ракь ва ц. бан*)

ЗАПА́РИТЬ *сов.* 1) *что* (*залить кипятком или обработать паром*) гьалараб лъадаца яги бухIараб хIухьлаца хIеккинабизе (цуризабизе); **~ ка́дку** чирмакъали гьалараб лъадаца (бухIараб хIухьлаца) хIеккинабизе (цуризабизе) 2) *кого разг.* (*в бане*) кутакалда багIариялъе (*хIамамалда*) хIал дагьлъизабизе 3) *кого разг.* (*загнать*) гIетIулъ тIерхьинабун, бачине (*чу*)

ЗАПА́РИТЬСЯ *сов. разг.* 1) (*в бане*) гIетIулъ тIерхьине, хIал дагьлъизе (*хIамамалда*) 2) свакаялъ тату хвезе, рухI бахъизе

ЗАПА́РКА *ж* 1) (*по гл.* **запа́рить(ся**) а) гьалараб лъеца (бухIараб хIухьлаца) хIеккинаби б) свакаялъ тату хвей 2) гIедегIи, хIалуцин (*хIалтIулъ*)

ЗАПАРКОВА́ТЬ *сов.* кидаго лъолеб бакIалда машина лъезе

ЗАПАРШИ́ ВЕТЬ *сов. разг.* тIехI базе

ЗАПА́РЫВАТЬ[1,2] *несов. см.* **запоро́ть**[1,2]

ЗАПА́С *м* 1) нахърател; **~ хле́ба** тIорщалил нахърател 2) запас; **~ не́фти** нефталъул (чIегIернартил) запас 3) (*в одежде*) ратIлил жанибечIвай (*къокълъидал биччазе гIоло тараб*) 4) *воен.* запас (*рагъул заманалда хъулухъалъе ярагьунел хIисабалда учеталда ругел гIадамал*)

ЗАПАСА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **запасти́ (сь)**

ЗАПА́СЛИВ//ЫЙ, -ая, -ое нахърател гьабулев, нахъе жо цIунулев; **~ая хозя́ йка** нахърател гьабулей хозяйка

ЗАПА́СНИК *м* 1) запасалда вугев чи (солдат) 2) музеялъул запасник (*музеялда запасалда ругел экспонатал цIунулеб бак1)*

ЗАПАСНО́Й, -а́я, -о́е, **запа́сный,** -ая, -ое 1) нахъраталилаб, запасалъе тараб, нахъеялде цIунараб; **запа́сный путь** запасалда бугеб нух; **~ игро́к** запасалда вугев хIалев (хIадарухъан) 2) *воен.* запасияб; **~ (запа́сный) полк** запасалда бугеб полк

ЗАПАСТИ́ *сов. что, чего* нахърател гьабизе, запас гьабизе; **~ муки́** ханждал нахърател гьабизе; **~ дров на́ зиму** кьиндаде (хасалоялде) цIулал нахърател гьабизе

ЗАПАСТИ́СЬ *сов. чем* нахърател (запас) букIинабизе; **~ учёбниками** цIалул тIахъазул нахърател букIинабизе ◊ **~ терпе́нием** сабру букIинабизе (гIезе)

ЗАПА́//СТЬ *сов.* 1) (*о глазах, щеках*) бортун ине, борт-бортизе; **щёки ~ли** кIаркьаби рорт-рортун руго 2) *разг.* (*завалиться*) *кибениги* жанибе (нахъе) бортизе (ккезе) 3) *перен.* (*глубоко запечатлеться*) кIудияб асар гьабизе, рекIее асар гьабизе, рекIелъе бортизе; **его́ слова́ ~ли в ду́шу** досул рагIабаз кIудияб асар гьабуна, досул рагIаби рекIелъе ртана

ЗАПАТЕНТОВА́ТЬ *сов. что* патент босизе

ЗА́ПАХ *м* махI; **~ цвето́в** тIугьдузул махI

ЗАПА́Х *м* ратIлил цо квенчIел цогидалда тIаде ин (бачIин, бачин)

ЗАПАХА́ТЬ *сов. что с.-х.* 1) (*вспахать*) бегизе (*хур*) 2) (*завалить землей при вспашке*) ракь бегун, гъоркье инабизе (ккезабизе); **~ навО́з** хур бегулаго, рак ракьулъе ккезабизе

ЗАПА́ХИВАТЬ[1] *несов. см.* **запаха́ть**

ЗАПА́ХИВАТЬ[2] *несов. см.* **запахну́ть**

ЗАПА́ХИВАТЬ[3] *несов. см.* **запа́хнуть**

ЗАПА́ХИВАТЬСЯ *несов. см.* **запахну́ться**

ЗАПА́Х//НУТЬ *сов.* махI чIвазе лъугьине; **~ло се́ном** бакъвараб харил махI чIвазе лъугьана

ЗАПАХНУ́ ТЬ *сов.* ратIлил квенчIелал цоцада тIаде рачине; **~ шу́бу** тIингъил квенчIелал тIаде рачине

ЗАПАХНУ́ТЬСЯ *сов.* жема-къемизе; **~ в шу́бу** тIингъилъ жема-къемун чIезе

ЗАПА́ЧКАТЬ *сов. кого-что* 1) (*загрязнить*) чороклъизабизе, хъублъизабизе; **~ ру́ки** кверал чороклъизаризе 2) *перен.* гIодорегIан гьаризе, басра гьаризе; **~ до́брое и́мя** лъикIаб цIаралда тIанкI лъезе

ЗАПА́ЧКАТЬСЯ *сов.* хъублъизе, чороклъизе

ЗАПА́ШКА *ж с.-х.* **1.** (*по гл.* **запаха́ть**) рекьи **2.** (*вспаханная земля*) бекьараб (бегараб) ракь, *гьелъул* къадар

ЗАПАЯ́ ТЬ *сов. что* регъезе (*гъалаялъ*); **~ кастрю́ лю** хьаг регъезе

ЗАПЕ́В *м* хоралда ахIулеб кочIол байбихьи (*цебе ахIулес ахIулеб*)

ЗАПЕВА́ЛА *м, ж* 1) (*в хоре*) цебе кечI ахIулев чи (*хоралда*), кечI ахIизе байбихьулев чи (*хоралда*), хоралда кечI ахIулелъул, байбихьулев чи 2) *перен. разг.* (*зачинщик*) цевехъан, бетIер, байбихьи лъолев чи

ЗАПЕВА́ТЬ *несов. что и без доп.* (*в хоре*) цебе ахIизе (*кеч1)*

ЗАПЕКА́НКА *ж* запеканка (а) *бежун хIадур гьабураб кванил цо тайпа;* б) *хасаб куцалда бахъараб гьекъел*)

ЗАПЕКА́ТЬ(СЯ) *несов.* **запе́чь(ся)**

ЗАПЕЛЕНА́ТЬ *сов. кого-что* бущине (*лъимер*)

ЗАПЕЛЕНГОВА́ТЬ *сов. кого-что* пеленг (бугеб бак1) чIезабизе (лъазе); **~ радиоста́нцию** радиостанциялъул пеленг (бугеб бак1) чIезабизе (лъазе)

ЗАПЕРЕ́ТЬ *сов.* 1) *что* (*на ключ и т.п.*) рахазе; **~ дверь** нуцIа рахазе; **~ ко́мнату** рокъобе нуцIа рахазе 2) *кого-что* нуцIа рахан, жаниб тIамизе; **~ соба́ку в сара́е** гьой сараялда жаниб тIамизе (*нуцIа рахан*); **~ де́ньги в шкаф** гIарац шкафалъуб лъезе, бахчизе (*кIулалги рахан*)

ЗАПЕРЕ́ТЬСЯ *сов.* 1) (*в помещении*) жанив чIезе (*нуцIаги рахан*); **~ в ко́мнате** нуцIаги рахан, рокъов чIезе 2) (*о двери*) рахан ине 3) нагIадала ккун, чIезе, мутIигIлъунгутIизе

ЗАПЕСТРЕ́//ТЬ *сов.* 1) (*стать пестрым*) чарлъизе; **поля́ весно́й ~ли цвета́ми** ихдал авлахъал тIугьдуз чар гьаруна 2) (*показаться — о пестром*) чарлъун бихьизе; **вдали́ ~ли луга́** рикIкIада мучIдул чарлъун рихьана 3) (*замелькать*) паркъезе (*беразда цебе*); гIемерго дандчIвазе, гIемерго халлъизе

ЗАПЕ́ТЬ *сов.* 1) кечI ахIизе лъугьине 2) *перен.* бицине, кIалъазе (*хIинкъидал*); **а что тебе́ жена́ запоёт?** щиб дуда чIужуялъ абилеб (бицинеб)?

ЗАПЕЧА́ТАТЬ *сов. что* 1) (*наложить печать, опечатать*) печать чIвазе; **~ кварти́ру** рукъалда печать чIвазе 2) (*заклеить*) седезе; **~ конве́рт** конверт седезе

ЗАПЕЧАТЛЕВА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **запечатле́ться**

ЗАПЕЧАТЛЕ́ТЬ *сов. кого-что* 1) (*изобразить*) бихьизабизе; **~ бой на карти́ не** сураталда рагъ бихьизабизе 2) (*сохранить в памяти*) рекIелъ цIунизе; **~ в се́рдце о́браз ма́тери** рекIелъ эбелалъул сипат-сурат цIунизе

ЗАПЕЧАТЛЕ́ТЬСЯ *сов.* (*сохраниться в памяти*) рекIелъ бессизе (цIунун хутIизе), рекIелъе бортизе, чорхолъ босизе

ЗАПЕЧА́ТЫВАТЬ *несов. см.* **запеча́тать**

ЗАПЕ́ЧЬ *сов. что* 1) бежун кьеризабизе; **~ макаро́ны** макаронал режун кьеризаризе 2) буцараб жоялъулъ лъун, *щибниги* бежизе; **~ я́ блоки в те́сте** хамуралъулъ лъун, гIеч бежизе

ЗАПЕ́ЧЬСЯ *сов.* 1) (*в печи, духовке*) хъал къазе 2) (*о крови*) бетизе; **кровь запекла́сь** би бетана, бакъвалъана 3) (*о губах*) ракъваялъ хъал къазе, кьватIизе

ЗАПИВА́ТЬ[1,2] *несов. см.* **запи́ ть**[1,2]

ЗАПИНА́ТЬСЯ *несов. см.* **запну́ться**

ЗАПИ́НК//А *ж разг.* лъалхъи, гьоркьоб къотIи, бабади; **говори́ть с ~ой** бабадулаго кIалъазе; **прочита́ть без ~и** ваххан цIализе, бабадичIого цIализе, чвахун бачIун, цIализе

ЗАПИРА́ТЬ *несов. см.* **запере́ть**

ЗАПИРА́//ТЬСЯ *несов.* 1) *см.* **запере́ться** 2) рахазе; **шкаф ~ется на замо́к** шкаф рахала (*кIулал ран*) 3) *разг.* (*отрицать свою виновность*) мукIурлъунгутIизе, нагIадала кквезе, тIирун чIезе, инкар гьабизе

ЗАПИСА́ТЬ *сов.* (*в разных значениях*) хъвазе; **~ ле́кцию** лекция хъвазе; **~ в спи́сок** сияхIалда хъвазе; **~ к до́ктору** тохтурасухъе (ине) хъвазе; **~ на плёнку** пленкаялда хъвазе (бахъизе)

ЗАПИСА́ТЬСЯ *сов.* хъвазе; **~ в кружо́к** кружокалде хъвазе

ЗАПИ́СК//А *ж* 1) записка, кагъат; **потеря́ть ~у с а́дресом** адрес хъвараб кагъат билизе; **объясни́тельная ~а** баянлъул кагъат; **докладна́я ~а** докладияб кагъат 2) *мн.* **~и (за́писи)** асарал, хъвай-хъвагIаял; **путевы́е ~и** нухлулал (сапаралъулал) хъвай-хъвагIаял; **учёные ~и университе́та** университеталъул гIелмиял асарал

ЗАПИСН//О́Й, -а́я, -о́е гIиси-бикъинаб хъвай-хъвагIаялъе бугеб (гьабураб); **~ая кни́жка** хъвай-хъвагIай гьабулеб книжка, записная книжка

ЗАПИ́СЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **записа́ть(ся)**

ЗА́ПИС//Ь *ж* **1.** (*по гл.* **записа́ть**) хъвай; **~ь ска́зок** маргъаби хъвай; **~ь в шко́лу** школалде хъвай; **~ь на плёнку** пленкаялда хъвай **2.** (*то, что записано*) хъвай-хъвагIай, хъвараб жо; **тетра́дь с ~ями** хъвай-хъвагIаял ругеб тетрадь

ЗАПИ́ТЬ[1] *сов. что* тIад (*хадуб*) гьекъезе (*сунданиги*); **~ лека́рство** даруялда тIад лъим гьекъезе

ЗАПИ́ТЬ[2] *сов. разг.* (*запьянствовать*) гьекъолдизе лъугьине

ЗАПИХА́ТЬ *сов. что разг.* бугIун (бугIа-босун) къазабизе; **~ бума́ги в стол** кагътал столалда жанир ругIун къазаризе

ЗАПИ́ХИВАТЬ *несов. см.* **запиха́ть, запихну́ть**

ЗАПИХНУ́ТЬ *сов. см.* **запиха́ть**

ЗАПЛА́КАНН//ЫЙ, -ая, -ое гIодараб; **~ые глаза́** гIодарал (магIил цIурал) берал

ЗАПЛА́КАТЬ *сов.* гIодизе лъугьине

ЗАПЛАНИ́РОВАТЬ *сов.* планалда гьоркьобе бачине (босизе)

ЗАПЛА́Т//А *ж* рукъи; **поста́вить ~у** рукъи базе (чIвазе)

ЗАПЛАТИ́ТЬ *сов.* 1) *что* гIарац кьезе; **~ за поку́пки** ричун росарал жалазухъ гIарац кьезе 2) *что* (*вернуть*) бецIизе, нахъбуссинабизе (*налъи*) 3) *чем перен.* кьезе; **~ жи́знью** гIумру кьезе; **~ голово́й** къотIун бетIер кьезе, *сундуениги гIоло* хвезе

ЗАПЛА́ТКА *ж* гьитIинаб рукъи; **весь в ~х** рукъабазабул цIун буго

ЗАПЛЕВА́ТЬ *сов. кого-что* тIаде тун, хIацIул цIезабизе

ЗАПЛЕСКА́ТЬ *сов. кого-что* тIирагъинабизе; **~ пол** рукъалъул чIабар тIирагъинабизе

ЗАПЛЕСНЕВЕ́ЛЫЙ, -ая, -ое ккал чIвараб

ЗАПЛЕСНЕВЕ́//ТЬ *сов.* ккалазе, ккал (хен) чIвазе; **хлеб ~л** чед ккалана, чадида ккал чIвана

ЗАПЛЕСНЕ́ТЬ *сов. разг. см.* **заплесневе́ть**

ЗАПЛЕСТИ́ *сов. что* 1) хьухьине; **~ косу́** гъал хьухьине 2) (*оплести*) жемизе, жем-жемизе; **хмель заплёл всю и́згородь** тIубараб чалиялдаго жем-жемун букIана хомелег

ЗАПЛЕТА́ТЬ *несов. см.* **заплести́**

ЗАПЛЕТА́//ТЬСЯ *несов.* 1) цоцалъ разе (*свакаялъ боходул*); **но́ги ~ются от уста́лости** свакаялъ бохдул цоцалъ ралел руго 2) бабадизе (*мац1)*; **язы́к ~ется от волне́ния** рахIат хвеялъ мацI бабадулеб буго

ЗАПЛЁЧНЫЙ, -ая, -ое гъуждузде рехулеб; **~ мешо́к** гъуждузде рехулеб таргъа (*къайи-къоно лъолеб*), хулжал ◊ **заплёчных дел ма́стер** гIащтIичи

ЗАПЛОМБИРОВА́ТЬ *сов. что* 1) пломба лъезе; **~ зуб** гIосода пломба лъезе 2) пломба чIвазе, пломба чIван, рахазе; **~ ваго́н** вагоналда пломба чIвазе

ЗАПЛЫ́В *м спорт.* лъедей; **в пе́рвом ~е победи́ла на́ша кома́нда** тIоцебесеб лъедеялда бергьана нижер команда

ЗАПЛЫВА́ТЬ[1,2] *несов. см.* **заплы́ть**[1,2]

ЗАПЛЫ́ТЬ[1] *сов.* 1) (*уплыть далеко*) лъедон ине (*рикIкIаде*) 2) (*уплыть за что-л.*) лъедон *сунданиги* нахъе ине; **~ за о́стров** чIинкIиллъиялда нахъе лъедон ине

ЗАПЛЫ́//ТЬ[2] *сов. чем* (*покрыться слоем чего-л. густого*) *сундулниги* бакъваяб гъаталъ бахчизе (бацизе); **пруд ~л ти́ной** хIор хеналъ бацун буго, хIорида хен чIван буго; **глаза́ ~ли жи́ром** берал кьаралъиялъ рацун руго

ЗАПЛЯСА́ТЬ *сов.* кьурдизе лъугьине

ЗАПНУ́ТЬСЯ *сов.* 1) (*споткнуться*) тункизе, кIутIизе (*хIemIe сунданиги*); **~ о поро́г** рагьумахIиялда хIетIе кIутIизе (тункизе) 2) (*о речи*) калам гьоркьоса тIезе, кIалъалаго чIун хутIизе; **~ на пе́рвом же сло́ве** тIоцебесеб рагIудаго (бачIинахъего) чIун хутIизе

ЗАПОВЕ́ДНИК *м* заповедник, къараб (цIунараб) бакI (*тIабигIат цIунизелъун гьабураб*)

ЗАПОВЕ́ДН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*неприкосновенный*) цIунараб; **~ый лес** цIунараб рохь 2) (*сокровенный*) рекIелъ цIунараб (бахчараб), балъгого цIунараб; **~ые мы́сли** рекIелъ цIунарал пикраби

ЗА́ПОВЕДЬ *ж* 1) *рел.* парз, парзияб жо, диниябтIадаб иш 2) (*правило*) къагIида; **пе́рвая ~** тIоцебесеб къагIида

ЗАПОДА́ЗРИВАТЬ *несов. см.* **заподо́зрить**

ЗАПОДО́ЗРИТЬ *сов.* 1) *кого-что в чем* щаклъизе, щаклъи ккезе; **~** *кого-л.* **в кра́же** *щивниги* цIогьодиялда щаклъизе, *лъицаниги щибниги* бикъиялда щаклъи ккезе

ЗАПО́ЕМ *нареч.* 1) чIей гьечIого, гьоркьоб къотIичIого, кутакалда *(гьекъезе);* **жить ~** гьекъолдун гIумру гьабизе 2) *перен. разг.* цадахъ гIеме-гIемер; **чита́ть ~** тIаса вичIичIого, гIемер цIалдезе

ЗАПОЗДА́Л//ЫЙ, -ая, -ое кватIараб, кватIун бачIараб (ккараб); **~ая весна́** кватIун бачIараб их; **~ый гость** кватIун вачIарав гьобол; **~ый у́жин** кватIун ккараб къасиквен

ЗАПОЗДА́НИЕ *с* кватIи, кватIунккей

ЗАПОЗДА́ТЬ *сов.* (*в разн. знач.*) кватIизе, кватIун ккезе; **~ к обе́ду** къаде кваназе кватIизе; **~ с отве́том** жаваб кьезе кватIизе

ЗАПО́Й *м* зама-заманалда, халат бахъун, гьекъолди, мехмехалда кутакалда гьекъолди (гьакълил унти)

ЗАПОЛЗА́ТЬ *несов. см.* **заползти́**

ЗАПОЛЗТИ́ *сов.* хъурщун *кибениги* щвезе; **~ под дива́н** хъурщун диваналда гъоркье щвезе

ЗАПОЛНЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **запо́лнить**) цIезаби **2.** (*по гл.* **запо́лниться**) цIей

ЗАПО́ЛНИ//ТЬ *сов. что* цIезабизе; **зри́тели ~ли зал** балагъулез зал цIезабуна; **~ть анке́ту** анкета цIезе

ЗАПО́ЛНИ//ТЬСЯ *сов.* цIезе; **теа́тр ~лся** зрителями театр балагъулез(ул) цIуна

ЗАПОЛНЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **запо́лнить(ся)**

ЗАПОЛЫХА́//ТЬ *сов. разг.* 1) гвангъун (гваргъун) цIа рекIине лъугьине 2) *перен.* багIа-багIарлъун вахъине; **~ли щёки** кIаркьаби багIа-багIарлъун рахъана

ЗАПОЛЯ́ РНЫЙ, -ая, -ое заполярияб, полярияб мухъалда нахъа бугеб; **~ го́род** заполярияб шагьар

ЗАПОМИНА́НИЕ *с* (*по гл.* **запомина́ть**) ракIалда чIезаби, рекIелъ цIуни

ЗАПОМИНА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **запо́мнить(ся)**

ЗАПО́МНИТЬ *сов. кого-что* ракIалда кквезе (цIунизе)

ЗАПО́МНИ//ТЬ(СЯ) *сов.* ракIалда чIезе; **на всю жизнь ~лась мне э́та ночь** тIубараб гIумруялъго ракIалда чIана дида гьеб сордо

ЗА́ПОНКА *ж* запонка (*къвалазда ралел хасал пентал*)

ЗАПО́Р[1] *м* рахай; тугъас; кIулал; **воро́та на ~е** каву рахан буго, кавуялда тугъас бан буго

ЗАПО́Р[2] *м. мед.* гъиз свари

ЗАПОРО́ЖЕЦ *м* запорожияв, запорожская сечалдаса казак

ЗАПОРО́ТЬ[1] *сов. кого-что разг.* (*засечь*) рухун хвалде ккезаризе (*хьопоца, цIалаца*)

ЗАПОРО́ТЬ[2] *сов. что разг.* (*испортить*) гьабулаго хвезабизе (*махщел гIечIого яги тасамахIлъиялъ*); **~ дета́ль** алат хвезабизе (*гьабулаго махщел гIечIого яги тасамахIлъиялъ*)

ЗАПОРО́ШИ//ТЬ *сов. кого-что* гIаздал тIеренаб хъал (гъалай) ккезе; **доро́гу ~ло** нухда гIаздал гъалай ккана

ЗАПОРОШИ́ТЬ *сов. разг.* (*начать порошить*) гIисинго гIазу базе лъугьине

ЗАПОТЕВА́ТЬ *несов. см.* **запоте́ть**

ЗАПОТЕ́Л//ЫЙ, -ая, -ое *разг.* гIетI бараб; **~ые о́кна** гIетI барал гордал

ЗАПОТЕ́//ТЬ *сов.* гIетI базе; **стёкла изнутри́ ~ли** гордазда жанисан гIетI бана

ЗАПРАВИ́ЛА *м прост.* цевехъан, бетIер (*цогидасе биччаЧого, кодобе босун, бетIерлъи гьабулев чи*)

ЗАПРА́ВИТЬ *сов. что* 1) (*засунуть*) жанибе тIамизе; **~ брю́-ки в сапоги́** тIаждал гIагал чакмабазда жанире тIамизе 2) (*горючим*) цIатари тIун, хIадуризе (*машина, чирахъ ва ц.*); **~ маши́ну бензи́ном** бензин тIун, машина хIадуризе 3) (*приготовить для работы*) хIалтIизе хIадур гьабизе; къачIазе; **~ шве́йную маши́ ну** букъарулеб машина хIадур гьабизе 4) *кул.* кванида тIаде тIезе; **~ хинка́л чесноко́м** хинкIазда тIаде ражи тIезе; **~ борщ смета́ной** борщалда тIаде тIорахъ тIезе ◊ **~ ко́йку** койкаялда бусен бакIа-бахаризе, къачIазе

ЗАПРА́ВИТЬСЯ *сов.* 1) (*горючим*) цIатари тIун, хIадурлъизе (*машина*) 2) *прост.* (*поесть*) кваназе, кванан гIорцIизе

ЗАПРА́ВКА *ж* **1.** (*по гл.* **запра́вить**) заправка, цIатари тIей (*машинаялъе ва ц.*); хIадур гьаби, къачIа-кIатIай (*хIалтIизабизе*) **2.** (*по гл.* **запра́виться**) цIатари тIун, хIадурлъи (*машина ва ц.*) **3.** *кул.* (*кванда*) тIаде тIолеб жо

ЗАПРАВЛЯ́ //ТЬ *несов.* 1) *см.* **запра́вить** 2) *разг.* (*верховодить*) бетIерлъи (цевехъанлъи) гьабизе; **в до́ме всем ~ла мать** рокъоб киналъего бетIерлъи эбелалъ гьабулаан

ЗАПРАВЛЯ́ ТЬСЯ *несов. см.* **запра́виться**

ЗАПРА́ВОЧН//ЫЙ, -ая, -ое заправка гьабулеб; **~ая ста́нция** цIатари (бензин, солярка) тIолеб (*машинабазе*) станция

ЗАПРА́ВСКИЙ, -ая, -ое *разг.* унго-унгояб, мустахIикъаб, киналго лъикIал рахъал ругеб; **~ спортсме́н** унго-унгояв спортсмен

ЗАПРА́ШИВАТЬ *несов. см.* **запроси́ ть**

ЗАПРЕ́Т *м* гьукъи; **наложи́ть ~** гьукъизе; **находи́ться под ~ом** гьукъун букIине

ЗАПРЕТИ́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое гьукъиялъул(аб); **~ый знак** гьукъиялъул ишара; **~ые ме́ры** гьукъиялъулал, *щибниги* гьукъун гьарулел тадбирал

ЗАПРЕТИ́//ТЬ *сов. кому что и с неопр.* гьукъизе; **~ть аза́ртные и́ гры** шавкъ щун гьарулел хIаял гьукъизе; **врачи́ ~ли больно́му кури́ ть** тохтурзабаз унтарасе хъалиян цIазе гьукъана

ЗАПРЕ́ТН//ЫЙ, -ая, -ое гьукъараб, биччалареб, изну гьечIеб; **~ая зо́на** гьукъараб зона, жанире ине изну гьечIеб зона ◊ **~ый плод** цIакъ бокьулеб, гъира бугеб, амма гьукъараб жо

ЗАПРЕЩА́ТЬ *несов. см.* **запрети́ ть**

ЗАПРЕЩА́//ТЬСЯ *несов.* гьукъун букIине, бегъунгутIизе, изну букIунгутIизе; **здесь кури́ть ~ется** гьаниб хъалиян цIазе гьукъун буго

ЗАПРЕЩЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **запрети́ ть**) гьукъи

ЗАПРЕЩЁНН//ЫЙ, -ая, -ое гьукъараб, биччалареб, бегъулареб, изну гьечIеб; **~ая кни́ га** гьукъараб тIехь (*цIализе*)

ЗАПРИМЕ́ТИТЬ *сов. кого-что разг.* бер чIвазе, хIисабалде босизе, ракIалда кквезе; **~** *кого-л.* **в толпе́** руккалида гъорлъ *лъиданиги* бер чIвазе; ракIалда кквезе

ЗАПРИХО́ДОВАТЬ *сов. что* тIаде бачIинлъун (бачIаралда) хъвазе, приходалда хъвазе

ЗАПРОДА́ТЬ *сов. что щибниги жо* (*хIадурлъизегIан чIе-чIого*) цебеккунго бичизе; **~ но́вый урожа́й я́блок** гIечул цIияб бачIи́н цебеккунго бичизе

ЗАПРОЕКТИ́ РОВАТЬ *сов. что* 1) проект гьабизе 2) гьабизе хIисабалде босизе (*иш*)

ЗАПРОКИ́ ДЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **запроки́ нуть(ся)**

ЗАПРОКИ́ НУ//ТЬ *сов. что* нахъехун рехизе; **он захохота́л, ~в го́лову** дов, бетIерги нахъехун рехун, кутакалда велъана (гIагIадана)

ЗАПРОКИ́НУ//ТЬСЯ *сов.* нахъехун рехун ине; **голова́ ~лась** бетIер нахъехун рехун ана

ЗАПРОПАСТИ́ //ТЬСЯ *сов. разг.* цебеса тIагIине (билизе), кибе арабали лъачIого, билизе; **кни́ га ~лась куда́-то** тIехь, кибе арабали лъачIого, тIагIана

ЗАПРО́С *м* 1) цIех-рех; **посла́ть ~** цIехезе битIизе 2) **~ы** *мн.* (*требования*) тIалабал; **~ы произво́дства** производствоялъул тIалабал 3) **~ы** *мн.* (*потребности, интересы*) тIалабал, хIажа-лъаби; **культу́рные ~ы населе́ния** халкъалъул культуриял хIажалъаби (тIалабал)

ЗАПРОСИ́ ТЬ *сов.* 1) *кого-что о чем* запрос битIизе, тIалаб гьабизе; **~ спра́вку о рабо́те** хIалтIул хIакъалъулъ справка тIалаб гьабизе; **~ разреше́ния сде́лать поса́дку** рещтIине изну тIалаб гьабизе (*самолет*) 2) *что* (*назначить высокую цену*) цIакъго кIудияб багьа абизе; **~ неслы́ ханную це́ну** жеги рагIичIеб, букIунареб багьа абизе

ЗА́ПРОСТО *нареч.* гьадинго; **~ прийти́** *к кому-л.* **в го́сти** *лъихъениги* гьадинго гьоболлъухъ вачIине

ЗАПРОТЕСТОВА́ТЬ *сов.* дандечIей гьабизе, нахъчIвазе, къабул гьабунгутIизе, рази гьечIолъи лъазабизе

ЗАПРОТОКОЛИ́РОВАТЬ *сов.* протоколалда хъвазе; **~ выступле́ние на собра́нии** данделъиялда гьабураб кIалъай протоколалда хъвазе

ЗАПРУ́ Д//А *ж* (*плотина*) сангар (*хIорил*); **прорва́ть ~у** сангар тIезабизе (*хIорил*) 2) (*запруженный водоем*) цебе сангар къан, лъугьараб хIор

ЗАПРУДИ́ //ТЬ *сов. что* 1) (*реку и т.п.*) сангар къан, чIезабизе (гьукъизе) (*гIор, лъар*); **~ть ре́чку** лъаралда цебе сангар къазе 2) *перен. разг.* занкIун цIезабизе, нух гьукъун, цебе чIезе; **пешехо́ды ~ли у́лицу** лъелал чагIаз къватI занкIун цIезабун бу-кIана

ЗАПРУ́ ЖИВАТЬ *несов. см.* **запруди́ ть**

ЗАПРУ́ (СЬ), ЗАПРЁШЬ(СЯ) *и т.д. буд. от* **запере́ть(ся)**

ЗАПРЫ́ ГАТЬ *сов.* эхе-эхеде кIанцIезе лъугьине

ЗАПРЫ́ ГИВАТЬ *несов. см.* **запры́ гнуть**

ЗАПРЫ́ ГНУТЬ *сов.* кIанцIизе *кибениги, сунденигги*

ЗАПРЯГА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **запря́ чь(ся)**

ЗАПРЯ́ ЖКА *ж* **1.** (*по гл.* **запря́ чь**) рай (*чуял гьакида*) **2.** (*повозка, экипаж*) гьоко (*чуял, оцал ва ц. параб*)

ЗАПРЯ́ТАТЬ *сов. кого-что разг.* 1) (*спрятать*) батуларедухъ бахчизе; **~ де́ньги** гIарац батуларедухъ (батулареб бакIалда) бахчизе 2) (*засунуть куда-л.*) *кибниги* къазабизе; **~ ру́ки в карма́ны** кверал чантинир къазаризе

ЗАПРЯ́ТАТЬСЯ *сов. разг.* бахчизе, бахчун чIезе; **~ в кусты́** хъархъазулъ бахчизе

ЗАПРЯ́ ЧЬ *сов. кого-что* базе (*гьакида ва ц.*); **~ ло́шадь** чу гьакида базе

ЗАПРЯ́ ЧЬСЯ *сов. разг.* 1) бан букIине (*гьакида ва ц.*) 2) *перен.* захIматаб хIалтIуда вазе (квализе); **~ в рабо́ту** хIалтIуда вазе

ЗАПУ́ ГАННЫЙ, -ая, -ое хIинкъизавурав, кара биххизабурав; хIинкъарав

ЗАПУГА́ТЬ *сов. кого-что* хIинкъизавизе, рекIелъе хIинкъи ккезабизе; **~ ребёнка** лъимер хIинкъизабизе, лъимадул рекIелъе хIинкъи ккезабизе

ЗАПУ́ГИВАНИЕ *с* (*по гл.* **запу́гивать**) хIинкъизаби, хIинкъи кьей

ЗАПУ́ ГИВАТЬ *несов. см.* **запуга́ть**

ЗА́ПУСК *м* (*по гл.* **запусти́ть**[1]) биччай; **~ иску́сственного спу́тника земли́** ракьалъул искусственнияб спутник биччай; **~ мото́ра** мотор биччай *(хIалтIизе)*

ЗАПУСКА́ТЬ[1,2] *несов. см.* **запусти́ ть**[1,2]

ЗАПУСТЕ́ЛЫЙ, -ая, -ое чIобоголъараб, рехун тараб

ЗАПУСТЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **запусте́ть**) чIобоголъи; рехун тей

ЗАПУСТЕ́ТЬ *сов.* чIобоголъизе, чIунтизе

ЗАПУСТИ́ ТЬ[1] *сов.* 1) *что, чем в кого-что* рехизе, речIчIизе; **~ ка́мень (ка́мнем) в окно́** горда гамачI речIчIизе 2) *кого-что* (*дать взлететь, заставить подняться*) боржине биччазе; **~ зме́я** кагътил змей (борохь) боржине биччазе; **~ раке́ту** ракета биччазе 3) (*привести в действие*) хIалтIизабизе, хIалтIизе биччазе, биччазе; **~ мото́р** мотор биччазе 4) *что во что разг.* (*засунуть*) бегьизе; **~ ру́ку в карма́н** квер чвантинибе бегьизе 5) *во что* (*вонзить*) къазабизе; **~ ко́гти** малъал къазаризе 6) *кого-что разг.* жанибе биччазе; **~ кара́сей в пруд** хIоринибе карась ччугIа биччазе ◊ **~ в сери́йное произво́дство** цого тайпаялъул къайи биччазе

ЗАПУСТИ́ ТЬ[2] *сов. что* 1) (*довести до запустения*) чIунтизе тезе; **~ сад** ах чIунтизе тезе 2) (*дать развиться чему-л.*) агъаз гьабичIого, тезе, бичча-бихъан тезе, балагьичIого тезе, тIаса квер босун, тезе; **~ боле́знь** унти, агъаз гьабичIого, тезе

ЗАПУ́ ТАНН//ЫЙ, -ая, -ое 1) бигъараб, бигъа-бичараб; **~ые ни́тки** бигъараб кун 2) *перен.* захIматаб, жуба-гъубараб; **~ый вопро́с** жуба-гъубараб, жаваб кьезе захIматаб суал

ЗАПУ́ТА//ТЬ *сов.* 1) *что* бигъинабизе*;* **~ть ни́тки** кунал ригъинаризе 2) *что перен. разг.* жуба-гъубазабизе, бигъинабизе (*иш*); битIизабизе кIоларедухъ гьабизе, захIмалъизабизе; **~ть де́ло** иш бигъинабизе 3) *кого-что перен. разг.* (*сбить с толку*) мекъи ккезавизе; **они́ его́ совсе́м ~ли** доз дов тIуванго мекъи ккезавуна, къосинавуна 4) *кого-что во что перен. разг.* (*вовлечь*) гъорлъе (гьоркьове) цIазе (жувазавизе)

ЗАПУ́ТА//ТЬСЯ *сов.* 1) (*перепутаться*) бигъине 2) *разг.* (*стать неясным*) бичIчIизе захIмалъизе, жуба-гъубазе; **де́ло ~лось** иш жуба-гъубана (бигъана) 3) *в чем-л. сундулъниги* жем-жемун ккезе; **~ться в сетя́ х** гьиназулъ жем-жемун ккезе (жемизе) 4) *в чем и без доп. разг.* (*оказаться в затруднительном положении*) захIматаб хIалалде ккезе 5) *разг.* (*в речи, в мыслях*) бабадизе, къосарине, мекъи ккезе 6) *разг.* (*сбиться с пути*) нух къосун ккезе

ЗАПУ́ТЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **запу́тать(ся)**

ЗАПУ́ЩЕННЫЙ, -ая, -ое 1) чIунтIизе тараб, рехун тараб; **~ сад** рехун тараб ах 2) (*о болезни и т.п.*) бичча-бихъан (агъаз гьабичIого, тIалаб гьабичIого) тараб (*унти ва ц.*)

ЗАПЫЛА́ТЬ *сов.* гваргъан цIа рекIине лъугьине; гвангъун кунчIизе лъугьине

ЗАПЫЛИ́ТЬ *сов. кого-что* (*покрыть пылью*) хIурул цIезабизе, хIур чIвазабизе, хIуруца бацизабизе

ЗАПЫЛИ́ТЬСЯ *сов.* хIур чIвазе, хIурул цIезе, тIад хIур ккезе

ЗАПЫХА́//ТЬСЯ *сов.* хIерхи, гьеки бахъине, гьека-пунщиялда вукIине; **он ~лся от бе́га** векериялъ досул гьеки ба-хъана

ЗАПЫХТЕ́ТЬ *сов. разг.* хIерхине лъугьине, захIматго хIухьел цIазе

ЗАПЬЯ́НСТВОВАТЬ *сов. разг.* кутакалда гьекъолдизе лъугьине

ЗАПЯ́СТЬЕ *с* кверзул рищи́; *устар.* курхьин

ЗАПЯТ//А́Я *ж* 1) запятая; **поста́вить ~у́ю** запятая лъезе 2) *перен.* (*препятствие*) квекIен, квалквал; **в э́ том-то и ~а́я** квекIен гьелъулъха бугеб

ЗАПЯТНА́ТЬ *сов. кого-что* 1) (*испачкать*) ланг лъезе, чорок гьабизе 2) *перен.* чIегIераб тIанкI лъезе, багьана чIвазе; **~ своё и́мя** жиндирго цIаралда чIегIераб тIанкI лъезе

ЗАРАБА́ТЫВАТЬ *несов. см.* **зарабо́тать**[1]

ЗАРАБО́ТАТЬ[1] *сов. что и без доп.* 1) хIалтIун мухь босизе, хIалтIун гIарац балагьизе; **~ ты́сячу рубле́й** хIалтIун азарго гъуруш босизе 2) *прост.* щвезе (*сундухъниги, сундуениги гIоло*); **~ вы́говор** выговор щвезе

ЗАРАБО́ТА//ТЬ[2] *сов.* хIалтIизе лъугьине; **мото́р ~л** мотор хIалтIизе лъугьана

ЗАРАБО́ТА//ТЬСЯ *сов. разг.* гIемераб механъ хIалтIизе; гIемер хIалтIун, сваказе; **он сего́дня совсе́м ~лся** дов жакъа хIалтIуца тIуванго свакана; **~ться до полу́ночи** сордо бащалъизегIан хIалтIизе

ЗА́РАБОТН//ЫЙ, -ая, -ое: ◊ **~ая пла́та** хIалтIухъ мухь

ЗА́РАБОТ//ОК *м* 1) захIматхIакъ, харж; **большо́й ~** кIудияб харж 2) *мн.* **~ки** *уст.* цоги бакIалде ун, заманалъ гьабулеб хIалтIи; **уходи́ ть в го́род на ~ки** шагьаралде ун, заманалъ хIал-тIизе

ЗАРА́ВНИВАТЬ *несов. см.* **заровня́ ть**

ЗАРАЖА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **зарази́ ть(ся)**

ЗАРАЖЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **зарази́ ть**) бахинаби (*унти*) **2.** (*по гл.* **зарази́ ться**) бахин (*унти*); **~ крови́** биялде унти бахин; **~ гри́ппом** грипп бахин

ЗАРАЖЁНН//ЫЙ, -ая, -ое унти бахараб (тIибитIараб); **~ая ме́стность** унти тIибитIараб бакI (ракь)

ЗАРА́ЗА *ж* бахунеб унти

ЗАРАЗИ́ ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое *в прям. и перен. знач.* бахунеб, бахине бегьулеб; **боле́знь ~а** унти цогидазде бахуна; **~ый смех** цогидазде бахунеб релъи (цогидалги релъизарулеб унти)

ЗАРАЗИ́ //ТЬ *сов. кого-что чем в прям. и перен. знач.* бахинабизе; **мать ~ла ребёнка** лъимаде унти эбелалдасан бахана, эбелалъ лъимаде унти бахинабуна; **он ~ил свои́ м весе́льем** дос жиндирго аваданлъи нижедеги бахинабуна

ЗАРАЗИ́ ТЬСЯ *сов. чем в прям. и перен. знач.* бахине; **~ гри́ппом** грипп бахине; **~ сме́хом** релъи цогиясдасан лъазе (мисал босизе)

ЗАРА́ЗН//ЫЙ, -ая, -ое бахунеб; **~ая боле́знь** бахунеб унти; **~ый больно́й** бахунеб унтуца унтарав чи

ЗАРА́НЕЕ *нареч.* ригьдаго, цебеккунго, гIуждаго, цудунго; **~ обду́мать** цебеккунго ургъизе, пикру гьабизе

ЗАРАСТА́ТЬ *несов. см.* **зарасти́**

ЗАРАСТИ́ *сов.* 1) *чем и без доп. кинаб бугониги* гъветI-хералъ бахчизе; **тропа́ заросла́** нух харица бахчана, нухда хер бижана; (*о бороде*) бахине (*мегеж*); **~ бородо́й** мегеж бахине 2) *разг.* (*зажить*) данде буцIцIине, сахлъизе, гьудазе (*ругъун*) ◊ **~ гря́-зью** гъизилъан баккизе

ЗАРВА́ТЬСЯ *сов. разг.* бажаруларе (тIубазе кIоларе) ишалде тIаделъизе; **~ в свои́ х тре́бованиях** тIуразе кIоларел тIалабал цере лъезе; *разг.* гIурхъи бахине

ЗАРДЕ́//ТЬСЯ *сов.* багIарлъизе, багIарлъун бахъине; багIаргьине; **не́бо ~лось** зоб багIарлъана; **де́вушка ~лась** яс багIарлъун яхъана

ЗАРЕВЕ́//ТЬ *сов.* гIергIедизе (чIичIидизе) лъугьине; **бык ~л** оц гIергIедизе лъугьана 2) *разг.* (*заплакать*) гIодизе лъугьине; **ребёнок ~л** лъимер, биччан гьаракьгун, гIодизе лъугьана

ЗА́РЕВО *с* гвангъи, багIарлъи (*цIадул яги тIерхьунеб бакъул*); багIра (*диал.*)

ЗАРЕГИСТРИ́РОВАТЬ *сов. кого-что в разн. знач.* регистрация (хъвай-хъвагIай) гьабизе, хIисабалде босизе (*хъван*); **~ его́ показа́ния** дос бицараб жо хIисабалде босизе *(хъван);* **~ в за́гсе** загсалда регистрация (хъвай-хъвагIай) гьабизе

ЗАРЕГИСТРИ́РОВАТЬСЯ *сов.* регистрация (хъвай-хъвагIай) гьабизе; **~ у секретаря́** секретарасухъ хъвай-хъвагIай (регистрация) гьабизе (*жиндирго*)

ЗАРЕ́З *м разг.*: **ну́жно до ~у** чара гьечIого, цIакъ къваригIун (хIажат) буго

ЗАРЕ́ЗАТЬ *сов. кого-что* 1) хъвезе; **~ гу́ся** хъаз хъвезе 2) *перен. разг.* (*поставить в безвыходное положение*) *щивниги* чара къосараб бакIалде ккезавизе ◊ **~ без ножа́** гIакъуба кьезе; захIматаб, чара къосараб хIалалде ккезабизе

ЗАРЕ́ЗАТЬСЯ *сов. разг.* живго жинцаго хъвезе

ЗАРЕЗЕРВИ́ РОВАТЬ *сов. кого-что* нахъе (запасалъе, резервалъе) тезе (цIунизе), къваригIаралъе цIунун тезе

ЗАРЕКА́ТЬСЯ *несов. см.* **зарéчься**

ЗАРЕКОМЕНДОВА́ТЬ *сов.*: **~ себя́** живго вихьизавизе (*кинаб бугониги рахъалъ*); **~ себя́ хоро́шим рабо́тником** живго лъикIав хIалтIухъанлъун вихьизавизе

ЗАРЕ́ЧНЫЙ, -ая, -ое гIор бахун, добехунисеб, гIурул доб рахъалда бугеб

ЗАРЕ́ЧЬЕ *с* гIор бахун, добехун бакI, гIор бахун, добехунисеб рахъ

ЗАРЕ́ЧЬСЯ *сов. разг.* ргIи кьезе, гьедизе (*гьабиларилан*); **~ пить вино́** чагъир гьекъеларилан гьедизе (ргIи кьезе)

ЗАРЖАВЕ́ЛЫЙ, -ая, -ое кьаву чIвараб, кьавуца квараб; **~ нож** кьаву чIвараб нус

ЗАРЖАВЕ́ТЬ *сов.* кьаву чIвазе

ЗАРЖА́ВЛЕННЫЙ, -ая, -ое кьаву чIвараб, кьавуца квараб

ЗАРЖА́ТЬ *сов.* хIихIидизе лъугьине (*чу*)

ЗАРИСОВА́ТЬ *сов.* сурат бахъизе; **~ челове́ка с нату́ры** цеве чIезавун, чиясул сурат бахъизе

ЗАРИСО́ВК//А *ж* **1.** (*по гл.* **зарисова́ть**) сурат бахъи (гьаби) **2.** *мн.* **~и** (*рисунок*) сурат, бахъараб сурат

ЗАРИСО́ВЫВАТЬ *несов. см.* **зарисова́ть**

ЗА́РИТЬСЯ *несов. на кого-что разг.* бер бахиллъизе, хIал хъублъизе; **~ на чужо́е добро́** чияр бечелъиялда бер бахиллъизе (жахIда ккезе)

ЗАРНИ́ЦА *ж* пирхи (*гъугъай гьечIого, рикIкIадасан бихьулеб*)

ЗАРОВНЯ́ТЬ *сов. что* битIа-бишизабизе, бащад гьабизе; **~ я́му** гвенд (*жанибе щибниги бан, ракьалда (сверухълъиялда*) бащад гьабизе

ЗАРОДИ́ТЬ *сов. что в ком* бижизабизе, лъугьинабизе, ккезабизе; **~ наде́жду** хьул бижизабизе

ЗАРОДИ́ //ТЬСЯ *сов.* (*возникнуть*) лъугьине, бижизе, ккезе; **~лось сомне́ние** щаклъи (ишкал) ккана

ЗАРО́ДЫШ *м* 1) *биол., бот.* тIирщ, хьонтIи 2) (*начало*) *перен.* байбихьи; **подави́ ть в ~е дурну́ю привы́ чку** квешаб гIамал байбихьудаго жаниб гьанкъизабизе, чIинтIизе

ЗАРОЖДА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **зароди́ ть(ся)**

ЗАРОЖДЕ́НИЕ *с* 1) (*по гл.* **зароди́ ть**) бижизаби, лъугьинаби 2) (*по гл.* **зароди́ ться**) бижи, лъугьин

ЗАРО́К *м* гьеди, гьедун ргаIи кьей (*гьабиларилан*); **дать ~ не кури́ ть** хъалиян цIаларилан гьедизе

ЗАРОНИ́ТЬ *сов. что* 1) *сундулъениги* ккезе (бортизе биччазе); **~ и́скру в се́но** цIадул тIири тохлъиялъ харилъе бортизе биччазе 2) *в ком перен.* бижизабизе, багъаризабизе; **~ мысль** пикру бижизабизе; **~ наде́жду** хьул бижизабизе; **~ подозре́ние** щаклъи бижизабизе

ЗАРОНИ́ТЬСЯ *уст.* рекIелъе бортизе; рекIелъ хутIизе

ЗА́РОСЛ//Ь *ж* хъарахъ, рохь (*ризго рижарал гIисинал гъутIбузул*)

ЗАРПЛА́Т//А *ж разг.* захIматхIакъ, харж, алапа; **получи́ть ~у** харж босизе

ЗАРУБЕ́ЖН//ЫЙ, -ая, -ое кIватIисел улкабазулаб (пачалихъазулаб); **~ые стра́ны** кIватIисел улкаби (пачалихъал)

ЗАРУБИ́ ТЬ *сов.* 1) *кого-что* (*убить*) кIотI-кIотIун чIвазе; **~ са́блей** хвалчаца кIотI-кIотIун чIвазе (вазе) 2) *что* (*сделать зарубку*) кIотIун гIуж лъезе (*гъотIода ва ц.*) ◊ **~ себе́ на носу́** хIисабалде босизе, кидагоялъе ракIалда чIезабизе

ЗАРУ́ БКА *ж* (*метка*) гIуж (*кIотIун гъотIода ва ц. лъураб*)

ЗАРУБЦЕВА́//ТЬСЯ *сов.* данде буцIцIине, сахлъун гIуж хутIизе (*ругънал*); **ра́на ~лась** ругъун данде буцIцIана

ЗАРУБЦО́ВЫВАТЬСЯ *несов. см.* **зарубцева́ться**

ЗАРУМЯ́ НИ//ТЬ *сов.* 1) *кого-что* багIарлъизабизе; **моро́з ~л щёки** квачалъ кIаркьаби багIарлъизаруна 2) *что перен.* (*поджарить*) кьеризаризе; **~ть пиро́г** цIурачед (пирог) кьеризабизе

ЗАРУМЯ́ НИ//ТЬСЯ *сов.* 1) багIарлъизе, багIарлъун бахъине; **восто́к ~лся** бакъбаккул рахъ багIарлъана 2) кьеризе (*дагьаб*); **пиро́г ~лся** цIурачед кьерана (*дагьаб*)

ЗАРУЧИ́ТЬСЯ *сов. чем* цебеккунго босун (щун) букIине (*кумек, мугъчIвай, разилъи ва ц.*); **~ согла́сием** цебеккунго разилъи босун букIине

ЗАРУ́ЧКА *ж прост.* кумекалъе (кумек щвезе) рес; рахъкквей

ЗАРЫВА́ТЬ *несов. см.* **зары́ ть**

ЗАРЫВА́ТЬСЯ[1] *несов. см.* **зары́ ться**

ЗАРЫВА́ТЬСЯ[2] *несов. см.* **зарва́ться**

ЗАРЫДА́ТЬ *сов.* гIодизе лъугьине

ЗАРЫ́ Т//Ь *сов. кого-что* ракьулъ бахчизе (букъизе) ◊ **вот где соба́ка ~а** аслияб гIилла гьелъулъ буго

ЗАРЫ́//ТЬСЯ *сов. сундулъниги* букъун (бахчун, тIерхьун) чIезе; **мы ~лись в соло́му и засну́ли** ниж сумалда гъорлъ рахчана ва кьижана 2) *перен. сунденги* тIубанго машгъуллъизе; **он ~лся в рабо́ту** дов хIалтIуде тIуванго машгъуллъана, дов хIалтIулъ тIерхьана

ЗАРЫЧА́ТЬ *сов.* рурудизе (гъулгъудизе, гIергIедизе) лъугьине

ЗАР//Я́ *ж* 1) гвангъи, канлъи, хъахIлъи; багIра (*диал.*); **у́тренняя ~я́** рогьалил хъахIлъи́ (гвангъи); **вече́рняя ~я́** бакъанил гвангъи́ (багIра) 2) *перен.* (*начало*) байбихьи, авал; **на ~е́ жи́зни** гIумруялъул авалалда; **~я́ свобо́ды** эркенлъиялъул гвангъи (багI-ра) ◊ **от ~и́ до ~и́** тIубараб къоялъ, рогьаралдаса къасилъагIан

ЗАРЯБИ́ //ТЬ *сов. безл.* сородизе лъугьине; **~ло в глаза́х** беразда цере хьухьал, горал лъугьана

ЗАРЯ́ Д *м* 1) *воен.* заряд (*харил ва ц. квагьулеб жоялъул цо къадар, роцен*) 2) *физ.* заряд; **электри́ ческий** ~ электрикияб заряд

ЗАРЯДИ́ТЬ[1] *сов. что* 1) цIезе; **ружьё ~** туманкI цIезе (*патрон лъун*); **~ фотоаппара́т** фотоаппараталъуб пленка лъезе 2) заряд кьезе; **~ аккумуля́тор** аккумуляторалъе заряд кьезе (ток биччазе)

ЗАРЯДИ́ //ТЬ[2] *сов. что с неопр. и без доп. разг.* гIемер цого жо такрар гьабизе; цого жо тIатIала гьабизе; **~л дождь** цIад, гьоркьоса къотIичIого, балеб букIана; **~л своё** жиндирабго бицунев вуго, гьоркьоса къотIичIого, цого жо бицунев вуго

ЗАРЯДИ́ТЬСЯ *сов.* 1) цIун хIадурун букIине (*ярагъ*) 2) *перен. сунденги, щибниги* гьабизе хIадурун вукIине

ЗАРЯ́ ДКА *ж* **1.** (*по гл.* **заряди́ ть**) цIей; **~ ружья́** туманкI цIей **2.** (*по гл.* **заряди́ ться**) цIун букIин **3.** *спорт.* зарядка; **у́тренняя ~** радал гьабулеб зарядка

ЗАРЯЖА́ТЬ *несов. см.* **заряди́ ть**

ЗАСА́Д//А *ж* 1) (*способ нападения*) гъоркьчIел; **устро́ить ~у** гъоркьчIел гьабизе; **танк в ~е** гъоркьчIалида бугеб танк 2) (*отряд*) гъоркьчIел гьабураб къокъа

ЗАСАДИ́ ТЬ *сов.* 1) *что* (*растениями*) чIезе, чIун цIезабизе; **~ гря́дки огурца́ми** кьеразда охцерал чIезе, охцерал чIун, кьерал цIезаризе 2) *кого-что разг.* жаниб тIамизе; **~ льва в кле́тку** гъалбацI клеткаялъуб тIамизе 3) *кого-что за что* гIодов чIезавизе, гьабизе тIамизе; **~ за уро́ки** дарсал гьаризе тIамизе 4) *что разг.* (*вонзить*) къазабизе, тIерхьинабизе; **~ топо́р в бревно́** гIащтIи чIалулъ къазабизе (*бахъизе кIоларе хIалалъ*)

ЗАСА́ЖИВАТЬ *несов. см.* **засади́ ть**

ЗАСА́ЛЕННЫЙ, -ая, -ое беэнлъи бахун, чороклъараб, нахул лангал лъураб

ЗАСА́ЛИВАТЬ(СЯ)[1] *несов. см.* **заса́лить(ся)**

ЗАСА́ЛИВАТЬ(СЯ)[2] *несов. см.* **засоли́ ть(ся)**

ЗАСА́ЛИТЬ *сов. что* беэнлъи бахун, хъван, чороклъизабизе; **~ рукава́** къвалал, беэнлъи хъван, чороклъизаризе

ЗАСА́ЛИТЬСЯ *сов.* беэнлъи хъван, чороклъизе, беэнлъи хъвазе (бахине)

ЗАСА́РИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **засори́ ть(ся)**

ЗАСА́СЫВАТЬ *несов. см.* **засоса́ть**[1]

ЗАСА́ХАРИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **заса́харить(ся)**

ЗАСА́ХАРИТЬ *сов. что* чакаралъул гьацIулъ лъун, хIадур гьабизе (*пихъ-мич1)*

ЗАСА́ХАРИ//ТЬСЯ *сов.* чакарлъун лъугьине, чакар лъугьине, чакар гIадин лъугьине; **варе́нье ~лось** мурапа чакар гIадин лъугьун буго

ЗАСВЕРКА́ТЬ *сов.* кунчI-кунчIизе (паркъезе) лъугьине

ЗАСВЕТИ́ТЬ[1] *сов. что* канлъи гьабизе *щибниги* бакизе; **~ свечу́** канлъи гьабизе хIедучирахъ бакизе

ЗАСВЕТИ́ТЬ[2] *сов. что фото* канлъи бан (чIван), хвезабизе (*фотокагъат, пленка*); **~ плёнку** канлъи чIвазабун, пленка хвезабизе

ЗАСВЕТИ́//ТЬСЯ[1] *сов. прям., перен.* гвангъизе (кунчIизе) лъугьине; **~лись огни́** цIаял кунчIизе лъугьана; **его́ глаза́ ~лись ра́достью** гьесул берал рохалица кунчIизе лъугьана

ЗАСВЕТИ́ТЬСЯ[2] *сов. фото* канлъи чIван, хвезе (*фотокагъат, пленка*)

ЗАСВЕТЛЕ́//ТЬ *сов.* 1) (*стать светлым*) кунчIизе, гвангъизе, кунчIун (гвангъун) лъугьине; роцIине; **не́бо ~ло** зоб роцIана (кунчIана) 2) (*показаться — о светлом*) гвангъун (кунчIун) бихьизе

ЗА́СВЕТЛО *нареч.* канлъи букIаго, рукIкIиналде, бецIлъилалде; **дое́хать до го́рода ~** рукIкIиналде шагьаралде щвезе

ЗАСВЕ́ЧИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **засвети́ ть(ся)**[2]

ЗАСВИДЕ́ТЕЛЬСТВОВАТЬ *сов. что* ритIухъ гьабизе; тасдикъ гьабизе

ЗАСВИСТЕ́ТЬ *сов.* гьештIезе лъугьине

ЗАСЕВА́ТЬ *несов. см.* **засе́ять**

ЗАСЕ́ИВАТЬ *несов. см.* **засе́ять**

ЗАСЕДА́НИЕ *с* данделъи, ракIари, мажлис, заседание

ЗАСЕДА́ТЕЛЬ *м* заседатель; **наро́дный ~** халкъияв заседатель (*судалда гIахьаллъи гьабизе вищун тарав чи*)

ЗАСЕДА́ТЬ *несов.* данделъи гьабизе, данделъиялда гIа-хьаллъизе

ЗАСЕКА́ТЬ[1,2] *несов. см.* **засе́чь**[1,2]

ЗАСЕКРЕ́ТИТЬ *сов. кого-что* 1) (*сделать секретным*) балъгояблъун гьабизе 2) (*допустить к секретной работе*) балъгояб хIалтIуде виччазе

ЗАСЕКРЕ́ЧИВАТЬ *несов. см.* **засекре́тить**

ЗАСЕЛЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **засели́ ть**) *киреиги* гочинари (рахъинари); **~ до́ма** рокъоре гIадамал рахъинари (гочинари) **2.** (*по гл.* **засели́ ться**) гочун рачIун, гIадамазул цIей

ЗАСЕЛЁННЫЙ, -ая, -ое гIадамал жанире рахъараб, гIадамал жанир чIараб; **~ дом** гIадамал жанире рахъараб рукъ (мина)

ЗАСЕЛИ́ТЬ *сов. что* жанире рахъинаризе; **~ но́вый дом** цIияб рокъоре гIадамал рахъинаризе

ЗАСЕЛИ́ТЬСЯ *сов.* (*стать заселенным*) жанире рахъун, цIезе (*рукъ ва ц.*)

ЗАСЕЛЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **засели́ ть(ся)**

ЗАСЕ́//СТЬ *сов. разг.* 1) (*остаться где-л. надолго*) *кирниги* халат чIезе; **~ до́ма** рокъов къан вукIине 2) *за что и неопр. щиб-*

ниги иш гьабулаго, халат гIодов чIезе; ~ **за кни́ ги** тIахьал цIализе халат гIодов чIезе 4) (*застрять*) къан хутIизе; **пу́ля ~ла в боку́** гулла хьолболъ къан хутIана 5) *перен. разг.* (*в сознании и т.п.*) рукъ ккун чIезе (*ботIролъ, рекIелъ*)

ЗАСЕ́ЧКА *ж* 1) (*зарубка*) гIуж (*гIощтIоца цIулада лъураб*) 2) (*рана на ноге лошади*) ругъун, галгъай (*бохалда бох лълъурун, лъугьунеб ругъун*)

ЗАСЕ́ЧЬ[1] *сов. что* 1) (*сделать зарубку*) гIуж лъезе (базе, гьабизе); ~ **де́рево** гъотIода гIуж гьабизе 2) (*определить*) бугеб бакI лъазабизе; ~ **батаре́ю проти́вника** тушманасул батарея бугеб бакI лъазабизе 3) (*ранить ногу — о лошади*) галгъазабизе (*чол бох*) ◊ ~ **вре́мя** заман ракIалда чIезабизе *(сундулниги байбихьулеб, лъугIулеб)*

ЗАСЕ́ЧЬ[2] *сов. кого* (*розгами*) хьопоца, тIилица, цIалаца вухун, хвезавизе (хвалде ккезавизе)

ЗАСЕ́ЯТЬ *сов. что* бекьизе; ~ **по́ле овсо́м** хуриб неха бекьизе

ЗАСИДЕ́//ТЬ *сов. что* хъублъизабизе; **му́хи ~ли стекло́** тIутIаз цIер хъублъизабуна

ЗАСИДЕ́ТЬСЯ *сов.* халат гIодор чIезе; ~ **в гостя́ х до полу́ночи** сордо бащалъизегIан гьоболлъухъ гIодор чIезе

ЗАСИ́ ЖИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **засиде́ть(ся)**

ЗАСИ́ ЛЬЕ *с* тIачилъи, зулму-хIал

ЗАСИНЕ́//ТЬ *сов.* 1) (*стать синим*) хъахIиллъизе лъугьине 2) (*показаться – о синем*) хъахIиллъун (хъахIилго) бихьизе; **вдали́ ~ло мо́ре** рикIкIада хъахIилго бихьулеб букIана ралъад

ЗАСИНИ́ ТЬ *сов. что* 1) кколелдаса цIикIкIун хъахIил гьабизе; ~ **бельё** гъоркьан ретIел цIикIкIун хъахIил гьабизе 2) тIубан хъахIил гьабизе

ЗАСИЯ́ ТЬ *сов. в разн знач.* кенчIезе лъугьине

ЗАСКИРДОВА́ТЬ *сов. что* гъуни (гIари) гьабизе; гъоноде (гIороде) буссинабизе; ~ **соло́му** сумал (соломадул) гIарахъ гьабизе

ЗАСКО́К *м разг.* зама-заманалдасан гIакълуялъулъ, хьвада-чIвадиялъулъ мукъсанлъи ккей

ЗАСКОРУ́ ЗЛ//ЫЙ, -ая, -ое *разг.* 1) хъачIлъараб, чанлъаб; **~ая рука́** хъачIлъараб (чIучIараб) квер 2) нахъе ккараб, камил-лъичIеб

ЗАСКОРУ́ ЗНУТЬ *сов. разг.* 1) хъачIлъизе, чанлълъизе 2) *перен.* нахъе ккезе

ЗАСКОЧИ́ //ТЬ *сов. разг.* 1) (*забраться*) кIанцIизе; **за́яц ~л в огоро́д** гIанкI бахчаялде кIанцIана 2) (*зайти по пути*) нухда унаго, щвезе (ваккизе) *лъихъениги*, *кивениги*; **мимохо́дом ~ть в конто́ру** аскIосан унелъул, контораялде щвезе (ваккизе)

ЗАСКРЕЖЕТА́ТЬ *сов.* кьерщезабизе лъугьине; ~ **зуба́ми** цаби кьерщезаризе лъугьине

ЗАСКРИПЕ́ТЬ *сов.* кьиркьидизе лъугьине

ЗАСКУЛИ́ ТЬ *сов.* 1) (*о собаке*) гъанцIизе; ракI гурхIиледухъ гIисинго рурудизе 2) *перен. разг.* (*заныть — о человеке*) гурхIиледухъ зигардизе, мизмиздизе

ЗАСКУЧА́ТЬ *сов.* чIалгIине (бизарлъизе) байбихьизе

ЗАСЛА́ТЬ *сов. кого-что* 1) битIизе (*цIакъ рикIкIаде яги кколарелъубе*); ~ **письмо́ не по а́дресу** кагъат кколарелъубе (мекъаб адресалда) битIизе 2) витIизе (*балъгояб мурадалда*); ~ **шпио́на** жасус витIизе

ЗАСЛЕДИ́ ТЬ *сов. что разг.* лъалкIачинабизе (*хъубал хIамIаз мерхьун*)

ЗАСЛЕЗИ́ ТЬСЯ *сов.* магIу баккизе (тIинкIизе) лъугьине, магIил гаразул цIезе

ЗАСЛО́Н *м* 1) (*преграда*) цебе чIвараб жо, квекIен; галан, сангар 2) *воен.* заслон (*гьабулеб операция тушманасдаса бахчизелъун, цIунизелъун, цебе тIамулеб отряд*)

ЗАСЛОНИ́ //ТЬ *сов. кого-что* 1) бахчизабизе; **ту́ча ~ла со́лнце** накIкIуца бакъ бахчизабуна 2) (*защитить*) цIунизе (бахчизабун); **~ть лицо́ руко́й** квералъ гьумер бахчизабизе; **~ть свет** канлъи гьукъизе

ЗАСЛОНЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **заслони́ ть(ся)**

ЗАСЛУ́ Г//А *ж* гьабураб хъулухъ (иш, хIалтIи), пайдаяб иш, халкъалъе гьабураб пайдаяб хIалтIи; **за ~и пе́ред ро́диной** ватIаналъе гьабураб хъулухъалъе гIоло ◊ **по ~ам** гьабуралда рекъон; **награди́ ть по ~ам** хIалтIухъ балагъун, шапакъат кьезе; **получи́ ть по ~ам** гьабуралда рекъон, щвезе

ЗАСЛУ́ ЖЕННО *нареч.* мустахIикъ(го); **получи́ ть награ́ду** ~ мустахIикъго шапакъат щвезе

ЗАСЛУ́ ЖЕНН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*соответствующий поступкам*) хъулухъалда (хIаракаталда, гьабураб ишалда) рекъараб; **~ая награ́да** хъулухъалда (хIаракаталда) рекъараб шапакъат 2) (*имеющий заслуги*) мустахIикъаб; **~ый де́ятель нау́ки** гIелмуялъул мустахIикъав хIаракатчи; **~ый арти́ ст респу́блики** республикаялъул мустахIикъав артист

ЗАСЛУ́ ЖИВА//ТЬ *несов.* 1) *см.* **заслужи́ть** 2) (*быть достойным*) мустахIикъаб, рекъараб букIине; **э́ та кни́ га ~ет похва-лы́** гьаб тIехь беццизе рекъараб буго, рецц-бакъалъе муста-хIикъаб буго

ЗАСЛУЖИ́ТЬ *сов. что* мустахIикълъизе; щвезе; ~ **дове́рие** божилъиялъе мустахIикълъизе; ~ **награ́ду** шапакъаталъе мустахIикълъизе; ~ **вы́говор** выговор щвезе (выговоралъе муста-хIикълъизе)

ЗАСЛУ́ ШАТЬ *сов. кого-что* гIенеккизе, гIин тIамизе; ~ **отчёт** хIисаб кьеялъухъ (отчеталъухъ) гIенеккизе (*данделъиялда ва гь. ц.*)

ЗАСЛУ́ ШАТЬСЯ *сов. чем* гIенеккун хагазе (хаган хутIизе)

ЗАСЛУ́ ШИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **заслу́шать(ся)**

ЗАСЛЫ́ШАТЬ *сов. что* рикIкIадасан ргIизе лъугьине; ~ *чей-то* **го́лос** рикIкIадасан *лъилниги* гьаракь ргIизе лъугьине (гIинда чIвазе); *разг.* хабар лъазе (*сундулниги-лъилниги хIакъалъулъ*)

ЗАСМА́ТРИВАТЬ *несов. во что сунданиги* жаниве валагьизе (*щибниги бихьизелъун*); ~ **в о́кна** гордухъан жаниве валагьизе

ЗАСМА́ТРИВАТЬСЯ *несов. см.* **засмотре́ться**

ЗАСМЕЯ́ ТЬ *сов. кого-что разг.* тIад релъанхъизе, махсараде кквезе

ЗАСМЕЯ́ ТЬСЯ *сов.* релъизе лъугьине

ЗАСМОЛИ́ ТЬ *сов. что* тIад пицI бахине (*кьватIалаби, картIал рацизе*)

ЗАСМОТРЕ́ТЬСЯ *сов. на кого-что* балагъун хагазе (хаган хутIизе); ~ **на краса́вицу** берцинай ясалде (ясалъухъ) ралагьун, хаган ху-тIизе

ЗАСМУЩА́ТЬСЯ *сов. разг.* нечезе, гьабизе жо лъаларого, хутIизе

ЗАСНЕ́ЖЕННЫЙ, -ая, -ое, **заснежённый,** -ая, -ое гIазуца бахчараб, гIазул цIураб

ЗАСНУ́ //ТЬ *сов.* 1) кьижизе, кьижун ккезе; **он ~л под у́тро** дов рогьалилъ кьижун ккана 2) (*о рыбе*) хIухьел къотIизе, хвезе (*ччугIа*) ◊ **~ть ве́чным сном** даимаб макъуялъ кьижизе, хвезе

ЗАСНЯ́ ТЬ *сов. что* бахъизе (*сурат, фотоаппараталъ*)

ЗАСО́В *м* тугъас, къоно, хIос (*нуцIа рахазе тIамулеб*)

ЗАСО́ВЫВАТЬ *несов. см.* **засу́нуть**

ЗАСО́Л *м* **1.** (*по гл.* **засоли́ть**) цIамулъелъе (туридулъе) бай **2.** (*то, что засолено, соленья*) цIамулъелъе бараб, лъураб жо (*охцерал, помидорал ...*)

ЗАСОЛИ́ТЬ *сов. что* цIамулъелъе (туридулъе) базе; ~ **огурцы́** охцер туридулъе базе

ЗАСОЛИ́ ТЬСЯ *сов.* туридулъ цIамуд хьезе, цIан рекъезе

ЗАСОРЕ́НИЕ *с* 1) (*по гл.* **засори́ть**) чороклъизаби, кьищнидул цIезаби 2) (*по гл.* **засори́ ться**) кьищнидул цIей, чороклъи ◊ ~ **желу́дка** кванирукъалъул низам биххи

ЗАСОР//И́ТЬ *сов. что* 1) кьищнидул цIезабизе; **~ть пол** чIабар кьищнидул цIезабизе 2) (*повредить*) хIурул цIезабизе; **~и́ть глаза́** берал хIурул цIезаризе, бадибе ккаралъ гьел жагъал гьаризе; низам биххизабизе; **~и́ть желу́док** кванирукъалъул низам биххизабизе 3) чIарал цIезабизе (*хур*) 4) *перен.* чорок гьабизе; **~и́ть речь вульгари́змами** мацI (калам) хъачIал ргIабаз чорок гьабизе

ЗАСОРИ́ //ТЬСЯ *сов.* чороклъизе, кьищнидул цIезе, хъублъи-зе; низам биххизе (*ургьимесалъул*); **труба́ ~лась** труба хъублъидул цIезе; бацизе

ЗАСОРЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **засори́ ть(ся)**

ЗАСОСА́//ТЬ[1] *сов. кого-что* 1) жанибе цIан, гъанкъизабизе; **его́ ~ло болó́то** дов хъуцIалъ жаниве цIан ана 2) *перен.* гьоркьове цIан, квешаб асар гьабизе; **среда́ ~ла его́** сверухълъиялъ (сверухъ ругел гIадамаз) гьесие квешаб асар гьабуна

ЗАСОСА́ТЬ[2] *сов. кого-что* (*начать сосать*) цIункIизе (хахизе) байбихьизе (*лъицаниги-сунцаниги цибниги*)

ЗАСО́Х//НУТЬ *сов.* 1) (*высохнуть*) бакъвазе; **грязь ~ла** хIарщ бакъвана 2) (*завянуть*) бечIазе; **цвето́к ~** тIегь бечIана 3) *перен. прост.* чIаголъи хвезе, вакъвазе (*рокьуца, унтуца ва ц.*)

ЗА́СПАНН//ЫЙ, -ая, -ое макьидаса тIубан вигьинчIеб; **~ые глаза́** макьидасан тIуран ригьинчIел берал

ЗАСПА́ТЬ *сов. что* 1) гьумер, берал гьорозегIан, кьижизе 2) кьижаралъуб лъачIого лъимер гъанкъизабизе

ЗАСПА́ТЬСЯ *сов. разг.* кколелдаса цIикIкIун кьижизе, гIемер кьижизе

ЗАСПЕШИ́ ТЬ *сов.* хехдаризе (гIедегIахъдизе, хIалакине); **~ на по́езд** поездалде гIедегIахъдизе

ЗАСПИРТОВА́ТЬ *сов. кого-что* спирталъулъ лъезе (*турунгутIизе*)

ЗАСПИРТО́ВЫВАТЬ *несов. см.* **заспиртова́ть**

ЗАСПО́РИТЬ *сов.* къацандизе (дагIбадизе) лъугьине

ЗАСРАМИ́ ТЬ *сов. кого-что прост.* нечезавизе; тIубанго суризавизе

ЗАСТА́ВА *ж* 1) *ист.* гъапу, кIалтIу (*цебе заманалда шагьаралде рачIунел гIадамазул ва къайидул хал гьабулеб букIараб бак1)* 2) *воен.* хъаравуллъи, застава; **погранúчная ~** гIорхъода бугеб застава

ЗАСТАВА́ТЬ *несов. см.* **заста́ть**

ЗАСТА́ВИТЬ[1] *сов. что чем* 1) (*загромоздить*) цIезабизе; **~ ко́мнату ме́белью** мебель лъун, (мебелалъ) рукъ цIезабизе 2) (*загородить*) нух къотIизе; **~ дверь шка́фом** шкафалъ нуцIихъан нух къотIизе

ЗАСТА́ВИ//ТЬ[2] *сов. кого-что и с неопр.* хIалица гьабизабизе, гьабизе тIамизе; **~ть рабо́тать** хIалтIизе тIамизе, хIалтIизавизе (*хIалица*); **он не ~л себя́ ждать** дос жиндихъ ралагьун чIезаричIо

ЗАСТАВЛЯ́ ТЬ[1,2] *несов. см.* **заста́вить**[1,2]

ЗАСТА́ИВАТЬСЯ *несов. см.* **застоя́ ться**

ЗАСТАРЕ́ЛЫЙ, -ая, -ое басралъараб, херлъараб; барщудаса араб; кьибил щулаго биччараб; **~ ревмати́ зм** басралъараб (цебего ккараб) гьуразул унти

ЗАСТЁГИВАТЬСЯ *несов. см.* **застегну́ть(ся)**

ЗАСТЕГНУ́ТЬ *сов. что* маргъалал (букIдул) рахан данде бачине, цолъизабизе; **~ пальто́** маргъалал ран (рахан), пальто данде бачине

ЗАСТЕГНУ́ //ТЬСЯ *сов.* букIдул (маргъалал) разе (*жиндирго ратIлил*); **он ~лся на все пу́говицы** дос, киналго маргъалал рана (*жиндирго ратIлил*)

ЗАСТЁЖКА *ж* бекIикаратI, бекIикIич (*маргъал, бекI ва ц. балеб карат1)*

ЗАСТЕКЛИ́ ТЬ *сов. что* цIер лъезе (ккквезе); **~ о́кна** гордазда цIер лъезе; **~ вера́нду** рагъида цIер ккквезе

ЗАСТЕКЛЯ́ ТЬ *несов. см.* **застекли́ ть**

ЗАСТЕЛИ́ ТЬ *сов. разг. см.* **застла́ть**

ЗАСТЁ//ОК *м* гIазаб кьолеб бакI, гIазабрукъ, туснахърукъ; **фаши́ стские ~ки** фашистазул гIазабрукъзал

ЗАСТЁНЧИВОСТЬ *ж* нечей, намуслъи; **страда́ть ~ю** нечеялъ, намуслъиялъ (гIумруялъе ва гь. ц.) квалкал гьабизе

ЗАСТЕ́НЧИВ//ЫЙ, -ая, -ое нечарав, намусав; **~ый челове́к** намусав чи; **~ая улы́ бка** намусаб (нечараб) гьими

ЗАСТЕСНЯ́ ТЬСЯ *сов. разг.* (*смутиться*) нечезе, намуслъизе

ЗАСТИГА́ТЬ *несов.*, **засти́ гнуть** *сов. см.* **засти́ чь**

ЗАСТИЛА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **застла́ть(ся)**

ЗАСТИРА́ТЬ *сов. что* 1) (*замыть*) ланг, гьизараб бакI чуризе; **~ рука́в** кьвал чурун бацIцIад гьабизе 2) (*испортить плохой стиркой*) квеш чурун, хвезабизе; **~ бельё** гьоркьан ретIел, квеш чурун, хвезабизе

ЗАСТИ́ РЫВАТЬ *несов. см.* **застира́ть**

ЗАСТИ́//ЧЬ *сов. кого-что* тIаде щвезе (гIунтIизе); тIадго кквезе; **~чь вора́ на ме́сте преступле́ния** такъсир гьабулеб бакIалда цIогьор тIадго кквезе; **дождь ~г нас в пути́** нухда нижеда тIаде цIад щвана (нухда унаго, ниж цIадакье ккана)

ЗАСТЛА́//ТЬ *сов. что* 1) тIибитIизе, тIамизе; **~ть стол чи́ стой ска́тертью** столалда бацIцIадаб скатерть тIамизе 2) (*о тучах, тумане и т. п.*) бахчизабуна (*накIкIуца, кIкIуйдуца ва ц.*); **дым ~л не́бо** кIкIуйдуца зоб бахчизабуна

ЗАСТЛА́//ТЬСЯ *сов.* (*заволочься*) бахчизе (*накIкIуца, кIкIуйдуца ва ц.*); **равни́ на ~лась тума́ном** лъарагIлъи накIкIуца бахчана

ЗАСТО́Й *м в разн. знач.* гIуни, чIун хутIи; хIинцлъи; цебетIунгутIи; **~ промы́шленности** промышленность чIун хутIи, цебетIунгутIи

ЗАСТО́ЙН//ЫЙ, -ая, -ое 1) чIун хутIараб, чвахулареб; гIунараб; **~ый во́здух** чIараб, хисулареб гьава; **~ое о́зеро** тIаде лъим чIвахулареб хIор 2) (*постоянный*) халат бахъараб, лъугIуларе6; даимаб; **~ое пья́ нство** даимаб (лъугIиго гьечIеб) гьекъолди

ЗАСТО́ЛЬЕ *с разг.* (*праздничный стол; гости*) байрамалъул(аб) тIутI, квана-гьекъолеб жо; тIотIода сверун гIодор чIарал

ЗАСТО́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое столалда (тIотIода) нахъа лъугьунеб; **~ый тост** столалда нахъа борхулеб лълъар; **~ая пе́сня** столалда нахъа ахIулеб кечI

ЗАСТОНА́//ТЬ *сов.* угьдизе лъугьине; **ра́неный ~л** лъукъарав угьдизе лъугьана

ЗАСТО́ПОРИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **засто́порить(ся)**

ЗАСТО́ПОРИТЬ *сов. что* (*остановить*) хъегъезабизе; чIезабизе (*машина*) 2) *перен. разг.* (*замедлить*) квекIен, квалквал, хьадар гьабизе

ЗАСТО́ПОРИ//ТЬСЯ *сов.* 1) (*остановиться*) чIезе, хъегъезе; **маши́ на ~лась** машина чIана 2) *перен. разг.* (*задержаться в развитии*) хIинцлъизе, хьадарлъизе, чIун хутIизе, цебе тIунгу-тIизе; **де́ло ~лось** иш хьадарлъана

ЗАСТОЯ́ Л//ЫЙ, -ая, -ое гIемер мехалъ чIун хутIараб (букIараб); **~ые ко́ни** гIемер мехалъ чIун рукIарал чуял; **~ый пруд** тIаде лъим чвахуларе6 хIор

ЗАСТОЯ́//ТЬСЯ *сов.* 1) (*долго простоять*) гIемер мехалъ чIун хутIизе (букIине) 2) (*испортиться от стояния*) гIемер мехалъ чIун хутIиялъ хвезе; **вода́ ~лась** лъим гIемер мех баялъ хвана (лъел тIагIам хвана)

ЗАСТРА́ИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **застро́иться**

ЗАСТРАХОВА́ТЬ *сов.* 1) *кого-что* страховать гьабизе, страховка гьабизе; **~ иму́щество** буголъи страховать гьабизе 2) *перен. кого* (*обезопасить от чего-л.*) цIунизе, цебеккунго хIинкъиялдаса цIунизе

ЗАСТРАХОВА́ТЬСЯ *сов.* 1) живго страховать гьавун вукIине 2) *перен.* (*обезопасить себя от чего-л.*) цевеккунго живго *сундасаниги* цIунизе хIалтIи гьабун букIине

ЗАСТРА́ЧИВАТЬ *несов. см.* **застрочи́ ть**[1]

ЗАСТРЕВА́ТЬ *несов. см.* **застря́ ть**

ЗАСТРЕКОТА́ТЬ *сов.* цIицIидизе лъугьине; чIваркь-чIваркьи бахъине

ЗАСТРЕЛИ́ТЬ *сов. кого-что* чIвазе (*гуллица*); **~ во́лка** бацI чIвазе (*гуллица*)

ЗАСТРЕЛИ́ ТЬСЯ *сов.* живго жинцаго чIвазе (*гуллица*)

ЗАСТРЕ́ЛЬЩИК *м* ишалъул бетIер, иш ургъарав (байбихьарав) чи; **~ соревнова́ния** къецалъе байбихьи лъурав чи

ЗАСТРЕ́ЛЬЩИЦА *ж* ишалъул бетIер, иш ургъарай (байбихьарай) гIадан

ЗАСТРО́ИТЬ *сов. что* минаби ран, ракьул цо бутIа кквезе; **~ пусты́ рь** чIобогояб ракьалда минаби разе

ЗАСТРО́И//ТЬСЯ *сов.* гIуцIун, минаби ран, лъугIизе; **го́род ~лся** шагьар минабазул цIуна, шагьаралъул кинабго ракь минабаз ккун буго

ЗАСТРО́ЙКА *ж* (*по гл.* **застро́ить**) минаби рай (*цо участкаялда*)

ЗАСТРО́ЙЩИК *м* цIияб мина балев (барав) чи (*бихьизабураб участкаялда*), мина базе ихтияр бугев чи

ЗАСТРО́ЙЩИЦА *ж* цIияб мина балей (барай) гIадан, базе ихтияр бугей гIадан

ЗАСТРОЧИ́ ТЬ[1] *сов. что* (*зашить*) кьегI чIвазе (*машинаялъ*)

ЗАСТРОЧИ́ТЬ[2] *сов.* басаринабизе, гьоркьоса къотIичIого, кьвагьизе (*пулеметалъ, автоматалъ*)

ЗАСТРЯ́ //ТЬ *сов.* 1) къан хутIизе; **~ в грязи́** хIарщулъ къан хутIизе; **пу́ля ~ла в ко́сти** гулла рокьолъ къан хутIана 2) *перен. разг.* (*задержаться где-л.*) *кивниги* халат хутIизе; **~ть в пути́** нухда, авара ккун, хутIизе ◊ **~ть в го́рле** щокъроб къан хутIизе (абичIого хутIизе)

ЗАСТУДИ́ТЬ *сов. кого-что разг.* квачалъ (цIороялъ) унтизабизе; **~ го́рло** цIороялъ щекъер унтизабизе

ЗАСТУДИ́ ТЬСЯ *сов. разг.* квачан (цIорон) унтизе

ЗА́СТУП *м* гьанкIолеб бел *(тIогьиса бегIераб)*

ЗАСТУПА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **заступи́ ть(ся)**

ЗАСТУПИ́ТЬ *сов. разг.* цоясул бакIалда чIезе; цоясул бакIалда цогияв тезе,лъиниги бакI кквезе, щивниги хисизе

ЗАСТУПИ́ТЬСЯ *сов. за кого-что* хIалае вахъине; **~ за това́рища** гьалмагъасе хIалае вахъине

ЗАСТУ́ ПНИК *м* хIалае вахъунев чи, нахъасан вахъунев чи

ЗАСТУ́ ПНИЦА *ж* хIалае яхъуней гIадан, нахъасан яхъуней гIадан

ЗАСТУ́ ПНИЧЕСТВО *с* хIалае вахъин, рахъкквей

ЗАСТЫВА́ТЬ *несов. см.* **засты́ ть**

ЗАСТЫДИ́ТЬ *сов. кого-что разг.* нечезавизе**; ~ шалуна́** гогьма нечезавизе

ЗАСТЫДИ́ ТЬСЯ *сов. разг.* нечезе, намуслъизе

ЗАСТЫ́ //ТЬ *сов.* 1) (*сгуститься от охлаждения*) гIунизе; **са́ло ~ло** тIатIи гIунана 2) *разг.* (*покрыться льдом*) цIер чIвазе, цIорозе; **река́ ~ла** гIоралда цIер чIвана 3) (*озябнуть*) квачазе, цIорозе, бугьине, гIунизе; **ру́ки ~ли** кверал цIорона (квачана, ругьана, гIунана) 4) (*замереть*) ругелъур чIун (цIоро-гьорон) хутIизе (*гIажаиблъи гьабун*); **улы́бка ~ла на его́ губа́х** досул кIутIбазда гьими цIоро-гьорон хутIана ◊ **кровь ~ла в жи́лах** чорхолъ би цIорона (гIунана), кутакалда хIинкъана

ЗАСУДИ́ТЬ *сов. кого прост.* судалъ гIайибиявлъун ри-кIкIине

ЗАСУ́ НУТЬ *сов. что* къазабизе; **~ бума́ги в стол** кагътал столалда жанир къазаризе 2) *разг.* (*спрятать*) бахчизе

ЗА́СУХ//А *ж* ракъдаллъи, бакъбухIи; **урожа́й пострада́л от ~и** ракъдаллъиялъ бачIиналъе зарал гьабуна

ЗАСУХОУСТО́ЙЧИВ//ЫЙ, -ая, -ое ракъдаллъи хIехьолеб; **~ая пшени́ца** ракъдаллъи хIехьолеб ролъ

ЗАСУ́ ЧИВАТЬ *несов. см.* **засучи́ ть**

ЗАСУЧИ́ ТЬ *сов. что* гуризе; **~ рукава́** къвалал гуризе

ЗАСУ́ ШИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **засуши́ ть(ся)**

ЗАСУШИ́ ТЬ *сов.* бакъвазабизе; **~ цвето́к** тIегь бакъвазабизе

ЗАСУШИ́ ТЬСЯ *сов.* бакъвазе, бакъван ине

ЗАСУ́ ШЛИВ//ЫЙ, -ая, -ое ракъдалаб, цIадакъаб; **~ый год** ракъдалаб сон; **~ые райо́ны** ракъдалал районал (бакIал)

ЗАСЧИТА́ТЬ *сов. что* гьоркьоб рикIкIине, хIисабалда гьоркьобе ккезабизе; **~ в о́бщий стаж рабо́ты вре́мя пребыва́ния в а́рмии** армиялда бараб заман гIаммаб стажалда гьоркьоб рикIкIине

ЗАСЧИ́ ТЫВАТЬ *несов. см.* **зачёсть, засчита́ть**

ЗАСЫЛА́ТЬ *несов. см.* **засла́ть**

ЗАСЫ́ЛКА *ж* (*по гл.* **засла́ть**) витIи (*кинаб бугониги балъгояб мурадалда*)

ЗАСЫ́ПАТЬ *сов.* 1) *что щибниги* бан, цIезабизе; **~ яму** гвенд цIезабизе 2) *кого-что* (*покрыть*) *щибниги* тIаде бан (щван), бахчизабизе; **~ стол мукой́** стол ханжуялъ бацизабизе; **зе́млю засы́ пало сне́гом** гIаздаца ракь бахчизабуна 3) *что, чего* (*заправить*) базе, щвазе; **~ крупы́ в суп** чурпадулъе крупа базе 4) *чем перен. сундулъниги* тIерхьинавизе; **~ пода́рками** сайгъатазулъ тIерхьинавизе; **~ жа́лобами** гIарзазулъ тIерхьинавизе 5) *что* (*насыпать*) базе; **~ пшени́ цу в ме́льничный бу́нкер** ролъ гьабил къолонибе базе

ЗАСЫПА́ТЬ[1] *несов. см.* **засну́ть**

ЗАСЫПА́ТЬ[2] *несов. см.* **засы́ пать**

ЗАСЫ́ПА//ТЬСЯ[1] *сов.* 1) (*попасть внутрь*) жанибе ккезе, бачIине; **песо́к ~лся в ту́фли** туфлабазда жанибе сали бачIана 2) (*покрыться чем-л. сыпучим*) цIезе (*салуца, гIаздаца, ханждаца ва ц.*)

ЗАСЫ́ ПАТЬСЯ[2] *сов. прост.* 1) (*быть пойманным*) къватIив чIвазе, кодове щвезе 2) (*провалиться*) битI ккечIого букIине, бажарунгутIизе; **~ на экза́мене** экзаменалда битI ккечIого букIине

ЗАСЫПА́ТЬСЯ[1,2] *несов. см.* **засы́ паться**[1,2]

ЗАСЫХА́ТЬ *несов. см.* **засо́хнуть**

ЗАТАЁНН//ЫЙ, -ая, -ое балъго цIунараб, балъгояб, рекIелъ цIунараб; **~ая оби́ да** балъго гьабураб ракIхвей

ЗАТАЙ́ТЬ *сов. что* балъго гьабизе (цIунизе), рекIелъ цIунизе; **~ оби́ ду** ракIхвей балъго гьабизе ◊ **~ дыха́ние** хIухьел ккун, гIенеккизе

ЗАТАЙ́ТЬСЯ *сов. разг.* 1) (*притаиться*) вахчизе, вахчун чIезе 2) *перен.* (*скрыть свои мысли, чувства*) рекIел асарал (пикраби) рахчун тезе

ЗАТА́ЛКИВАТЬ *несов. см.* **затолка́ть, затолкну́ть**

ЗАТА́ПЛИВАТЬ[1,2] *несов. см.* **затопи́ ть**[1,2]

ЗАТА́ПТЫВАТЬ *несов. см.* **затопта́ть**

ЗАТА́РИВАТЬСЯ *несов. щибниги жо* кьваригIараб къадаралда босизе

ЗАТАСКА́ТЬ *сов. разг.* 1) *что* гIемер ретIун, хохозабизе (басралъизабизе); **~ оде́жду** ретIел, гIемер ретIун, хохозабизе (басралъизабизе) 2) *кого* гIемер хьвадизавизе, хьвадизавун гIа-къуба кьезе; **~ по магази́ нам** тукабазде гIемер хьвадизавизе; **~ по суда́м** судазде гIемер хьвадизавун, гIакъуба кьезе

ЗАТА́СКИВАТЬ[1] *несов. см.* **затаска́ть**

ЗАТА́СКИВАТЬ[2] *несов. см.* **затащи́ ть**

ЗАТАЩИ́ТЬ *сов.* 1) *что кибениги* бехъерхъизе; **~ мешо́к в сара́й** къандалъо (хъап) гьоробе бехъерхъизе 2) *кого перен. разг.* хIалица вачине, вехъерхъизе, течIого вачине; **~ домо́й** хIалица рокъове вачине

ЗАТВЕРДЕВА́ТЬ *несов. см.* **затверде́ть**

ЗАТВЕРДЕ́Л//ЫЙ, -ая, -ое къвакIараб, къвакIун лъугьараб; **~ая о́пухоль** къвакIараб гьорой (гьорораб бакI)

ЗАТВЕРДЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **затверде́ть**) къва́кIи; **~ мета́лла** металл къвакIи **2.** *мед.* (*затвердевшее место*) къвакIараб (къвакIун лъугьараб) бакI, къвакIи́ рехараб бакI

ЗАТВЕРДЕ́//ТЬ *сов.* къвакIизе, къвакIун лъугьине; **о́пухоль ~ла** гьорораб бакI къвакIана

ЗАТВЕРДИ́ТЬ *сов. что разг.* такрар гьабун, ракIалда чIезабизе; рекIехъе лъазабизе; **~ уро́к** дарс, такрар гьабун, ракIалда чIезабизе

ЗАТВО́Р *м* 1) затвор; **руже́йный ~** тункIил затвор 2) (*запор, засов*) тугъас, къоно, хIос (*нуцIа, горду, кавабри рахалеб*)

ЗАТВОРИ́ ТЬ *сов. что* рахазе, къазе; **~ дверь** нуцIа рахазе

ЗАТВОРИ́ //ТЬСЯ *сов.* 1) къан ине; **дверь ~лась** нуцIа къан ана 2) (*уединиться*) нуцIаги къан (рахан), жанив чIезе; халваталда чIезе; **он ~лся в комнате** дов рокъов чIана

ЗАТВО́РНИК *м* 1) (*отшельник*) халваталда чIарав чи 2) *перен.* гIадамаздаса тIун чIарав чи; **жить ~ом** гIадамаздаса тIун, гIумру гьабизе

ЗАТВО́РНИЦА *ж* гIадамаздаса тIун чIарай

ЗАТВОРЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **затвори́ ться**

ЗАТЕВА́ТЬ *несов. см.* **зате́ять**

ЗАТЕ́ЙЛИВЫЙ, -ая, -ое (*причудливый, замысловатый*) хIикматаб, сихIирго гьабураб, сагьвиллъизарулеб; **~ узо́р** хIикматаб накъищ

ЗАТЕ́ЙНИК *м* 1) (*выдумщик*) *разг.* махсарачи, аваданав (ракI гъезабулев) чи 2) (*организатор массовых развлечений*) хIаязе (расандабазе) бетIерлъи гьабулев чи

ЗАТЕ́ЙНИЦА *ж* аваданай (ракI гъезабулей) гIадан, махсара гIемерай гIадан

ЗАТЕКА́ТЬ *несов. см.* **зате́чь**

ЗАТЕ́М *нареч.* 1) (*после, потом, далее*) цинги, хадуб; **мы шли пря́ мо, ~ свернýли напра́во** ниж битIун унел рукIана, цинги кваранаб рахъалде сверана; **~ он рассказа́л, что бы́ ло вчера́** хадуб дос бицана сон букIараб жо 2) (*для этого*) гьелъие гIоло; **мы сего́дня идём в теа́тр? – Да, я ~ и пришёл** нилъ жакъа театралде унелищ? – У, гьелъие гIоло вачIанаха дун

ЗАТЕМНЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **затемни́ть**) бецIлъизаби; бецIлъизабизе ригъулел жал (*гордазда ва ц.*); **~ го́рода** шагьар бецIлъизаби **2.** (*по гл.* **затемни́ться**) бе́цIлъи 3. *мед.*: **~ в лёгких** гьуърузулъ (бугеб) бецIлъи́ (чIегIерлъи) (чIегIераб тIанк1)

ЗАТЕМНИ́ТЬ *сов. что* 1) бецIлъизабизе; **~ ко́мнату** рукъ бецI гьабизе 2) (*запутать*) бичIчIуларедухъ лъугьинабизе; мекъи ккезабизе; **~ смысл** магIна бичIчIуларедухъ гьабизе, бигьинабизе

ЗАТЕМНИ́ //ТЬСЯ *сов.* бецIлъизе; **не́бо ~лось** зоб бецIлъана

ЗАТЕНИ́ТЬ *сов. что* (*скрыть в тени, заслонить*) тIаде рагIад ккезабизе, рагIдукье ккезабизе, канлъудаса бахчизабизе

ЗАТЕНЯ́ ТЬ *несов. см.* **затени́ ть**

ЗАТЕПЛИ́ //ТЬСЯ *сов.* (*появиться*) бижизе, баккизе; **~лась наде́жда** хьул бижана

ЗАТЕРЕ́ТЬ *сов.* 1) *что* (*стереть*) лъулъан инабизе; бацIцIине; **~ пятно́ на стене́** къеда бугеб ланг лъулъан инабизе 2) *кого-что* (*сдавить, стеснить*) гьоркьоб къазабизе, чIинтIизабизе; **пароход затёрло льда́ми** гама цIурдуз гьоркьоб къазабуна; **~ в толпе́** руккалида гьоркьов къазавизе 3) *кого-что перен. прост.* (*оттеснить*) квалквал гьабизе, цеве виччангутIизе; **~ молодо́го специали́ ста** гIолохъанав махщелчи цеве виччангутIизе

ЗАТЕРЕ́ТЬСЯ *сов. прост.* гьоркьове къан ине, гьорлъе лъугьине (*руккалида, къокъаялда ва ц.*); **~ в толпу́** руккалида гьорлъе лъугьине

ЗАТЕ́РЯННЫЙ, -ая, -ое кIочон тараб, рехун тараб, гIадамал щолареб; **~ое в гора́х селе́ние** магIарухъ кIочон тараб росу

ЗАТЕРЯ́ТЬ *сов. что разг.* билизабизе; **~ кни́жку** тIехь билизабизе

ЗАТЕРЯ́ //ТЬСЯ *сов.* 1) *разг.* билизе; **кни́га ~лась** тIехь билана 2) *перен.* тIерхьун ине, берзукьа тIерхьине, цевеса хьвазе; **~ться в толпе́** руккалида гьоркьов (руккалилъ) тIерхьун ине

ЗАТЕСА́ТЬ *сов. что* буцIизе; буцIун бегIер гьабизе; **~ ба́лку** чIалу (хIуби, квен) буцIизе; **~ кол** гъазихъ буцIун бегIер гьабизе

ЗАТЕСА́ТЬСЯ *сов. разг.* (*проникнуть куда-л.*) жаниве (гьоркьове, гьорлъе) ворчIизе, лъугьине *(ккольареб бакIалде)*

ЗАТЁСЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **затеса́ть(ся)**

ЗАТЕ́//ЧЬ *сов.* 1) чвахун бачIине, кIанцIизе (*лъим ва ц.*); **вода́ ~кла под пол** лъим чIабаралда гьоркье кIанцIана 2) (*опухнуть, отечь*) гьорозе; **глаз затёк** бер гьорона 3) (*онеметь*) собозе, цIунцIрахине; **но́ги ~кли** бохдул собона

ЗАТЕ́Я *ж* 1) (*дело, замысел*) иш, ургъун бахъараб жо; **неуда́чная** ~ битI ккечIеб иш; **нелепая** ~ ахIмакъаб иш 2) (*забава*) ракIгъей, аваданлъи,

ЗАТЕ́ЯТЬ *сов. что и с неопр. разг. щибниги* гьабизе лъугьине (байбихьизе, ракIалде ккезе); **~ игру́** хIай байбихьизе, хIазе лъугьине

ЗАТИРА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **затере́ть(ся)**

ЗАТИ́ СКИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **зати́ снуть(ся)**

ЗАТИ́ СНУТЬ *сов. что разг.* бугIун къазабизе

ЗАТИ́СНУТЬСЯ *сов. разг.* (*с трудом проникнуть*) хIалица жаниве (гьоркьове, гьорлъе) лъугьине; хIалица гьоркьове (жаниве, гьорлъе) къан ине

ЗАТИХА́ТЬ *несов. см.* **зати́ хнуть**

ЗАТИ́Х//НУТЬ *сов.* гьаракь къотIизе, гIодоцине, къатIине; сасине, сихI къотIизе; **му́зыка ~ла** музыка къотIана; **ве́тер** ~ гьури сасана

ЗАТИ́ШЬЕ *с* 1) (*безветрие*) гьури къатIин (сасин); **~ пе́ред грозо́й** чвахун цIадалда цебесеб сасин 2) (*в делах и т.п.*) гIодобе биччай

ЗАТКНУ́ТЬ *сов. что* къазабизе; **~ буты́лку про́бкой** шишаялъул кIалтIа сакI къазабизе; **~ топо́р за по́яс** гIащтIи рачлихъ къазабизе (бахъизе) ◊ **~ за по́яс** *кого-л.* рачлихъ вахъизе (*лъидасаниги щибниги рахъалъ бергьарав вукIине*); ◊ **~ рот** кIал къазе, вуцIцIун чIезавизе

ЗАТМЕ́НИЕ *с* 1) бакъ (моцI) кквей; **~ со́лнца** бакъ кквей; **~ луны́** моцI кквей 2) *перен.* заманаялъ бетIер свери, гIакълу мукъсанлъи

ЗАТМИ́ //ТЬ *сов.* 1) бахчизабизе; **облака́ ~ли луну́** накIкIаз моцI бахчизабуна 2) *кого-что перен.* (*превзойти*) бергьине, цIикIкIине, цеве ине (*щибниги рахъалъ лъидасаниги*)

ЗАТО́ *союз. против.* амма; **ту́фли дороги́ е, ~ хоро́шие** туфлаби хириял руго, амма лъикIал руго

ЗАТОВА́РИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **затова́рить(ся)**

ЗАТОВА́РИТЬ *сов. что* гIемераб къайи бегун чIезабизе (*бичIчIого, даран гьабичIого*)

ЗАТОВА́РИТЬСЯ *сов.* (*скопиться в большом количестве*) гIемераб къайи бегун хутIизе (бичIчIого, даран гьабичIого)

ЗАТОЛКА́//ТЬ *сов. кого-что* 1) бугIун, тункун къазабизе; **~ть бельё в мешо́к** къандалъоялъуб бусадул къайи бугIун къазабизе 2) гIемер тенкон, гIакъуба кьезе, тату хвезабизе; **ребёнка ~ли в толпе́** руккалилъ лъимадул, гIемер тенкон, тату хвезабуна

ЗАТОЛКНУ́ ТЬ *сов. кого-что разг.* тункун инабизе (*сунданиги жанибе, яги нахъе, гьоркье*); **~ я́ щик под стол** ящик столалда гьоркье тункун инабизе; **~ за шкаф** шкафалда нахъе тункун инабизе (къазабизе)

ЗАТО́Н *м* 1) *ракъдаллъиялде бачIараб* гIурул мацI (квачI, гIункIрукь, заманаялъе гьабураб сангар (*лъим эхеде бахине)* 2) гIурул гуми чIолеб ва къачIалеб бакI

ЗАТОНУ́ //ТЬ *сов.* лъадалъ тIерхьине, гьанкъизе; **кора́бль ~л** гама гьанкъана

ЗАТОПИ́ТЬ[1] *сов. что* (*растопить*) бакизе; **~ печь** печь бакизе

ЗАТОПИ́ //ТЬ[2] *сов. что* 1) (*залить*) лъим кIанцIизе, лъеца бацизабизе, тIерхьинабизе; **разли́вшаяся река́ ~ла луга́** щвараб гIоралъ мучIдул лъелъ тIерхьинаруна 2) (*потопить*) гьанкъизабизе; **~ть су́дно** гама гьанкъизабизе

ЗАТОПЛЯ́ ТЬ *несов. см.* **затопи́ ть**[2]

ЗАТОПТА́//ТЬ *сов.* 1) *что* (*примять, вдавить*) мерхьине, мерхьун къазабизе (букIкI-букIкIинабизе, чIинтIизабизе); **~ть цветы́** тIугьдул мерхьине 2) *кого-что* (*насмерть*) мерхьун хвезавизе 3) *что разг.* (*наследить, испачкать*) лъалкIачинабизе, мерхьун хъублъизабизе; **~ли весь пол** тIолабго чIабар мерхьун лъалкIачинабуна (хъублъизабуна) ◊ **~ть в грязь** бугьтан лъезе, гьечIеб гIайиб гIунтIизабизе

ЗАТО́Р *м* (*остановка в движении*) чIунхутIи *(гIадамал гIемерлъиялъ),* тIатIалакъай; **у входно́й две́ри́ образова́лся ~** жанире унеб нуцIихъ тIатIалакъай лъугьана; *перен.* квалквал; **~ в рабо́те** хIалтIулъ квалквал

ЗАТОРМОЗИ́ //ТЬ *сов.* 1) *что и без доп.* чIезабизе; тормозалъ чIезабизе; **~ маши́ну** машина тормозалъ чIезабизе; ин тормозалъ хьадар гьабизе 2) *что перен. разг.*: **~ де́ло** иш чIун хутIизабизе, гьоркьоб къотIизабизе

ЗАТОРМОЗИ́ //ТЬСЯ *сов.* лъалхъизе, чIезе; хIинцлъизе; **рабо́та ~лась** хIалтIи хIинцлъана

ЗАТОРОПИ́ ТЬСЯ *сов.* хIалакине лъугьине

ЗАТОСКОВА́ТЬ *сов.* урхъизе, чIалгIине, чIалгIине лъугьине

ЗАТОЧА́ТЬ *несов. см.* **заточи́ ть**

ЗАТОЧЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **заточи́ть**[1)]) жанив тIами, туснахъ гьави; **~ в тюрьму́** туснахъалъув тIами **2.** (*пребывание в тюрьме, ссылке*) туснахъалъув вукIин

ЗАТОЧИ́ТЬ[1] *сов. кого* (*арестовать*) жанив тIамизе, туснахъ гьавизе

ЗАТОЧИ́ ТЬ[2] *сов. что разг.* рекIинабизе (*нус ва ц.*); бегIеризе (*къалам ва ц.*)

ЗАТОШНИ́ //ТЬ *сов. безл.* лагIизе бачIине, ракI сверизабизе; **его́ ~ло** досул ракI сверизабуна, дов лагIизе вачIана

ЗАТРАВИ́ТЬ *сов. кого-что* 1) *охот.* хадур гьаби тIамун, чIвазе (*чан*); **~ за́йца** хадур гьаби тIамун, гIанкI чIвазе 2) *перен. разг.* (*извести травлей*) хадур лъугьун, гIазаб кьезе

ЗАТРА́ГИВАТЬ *несов. см.* **затро́нуть**

ЗАТРА́Т//А *ж* **1.** (*по гл.* **затра́тить**) харж гьаби; **~а эне́ргии** энергия харж гьаби **2.** *мн.* **~ы** (*расходы*) гьарурал харжал

ЗАТРА́ТИТЬ *сов. что* харж гьабизе; **~ сре́дства** гIарац харж гьабизе 2) *перен.* хвезабизе (*заман*); **~ мно́го вре́мени** гIемер заман хвезабизе

ЗАТРА́ЧИВАТЬ *несов. см.* **затра́тить**

ЗАТРЁБОВАТЬ *сов. кого-что* тIалаб гьабизе, бачIинабизе; **~ докуме́нт** документ бачIинабизе (тIалаб гьабизе)

ЗАТРЁПАНН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*потертый*) хохораб, басралъараб (*ретIел*) 2) гIемер бицун, чIалгIараб (чIамучIлъараб); **~ые фра́зы** гIемер рицун, чIалгIарал жугьаби

ЗАТРЕПА́ТЬ *сов. разг.* 1) *что* (*истрепать*) хвезабизе, басралъизабизе; ~ **кни́ жку** тIехь хвезабизе 2) *кого-что перен.*: ~ *чье-л.* **и́ мя** къадру хвезабизе (*лъилниги*)

ЗАТРЕПЕТА́ТЬ *сов.* сородизе лъугьине

ЗАТРЕЩА́//ТЬ *сов.* 1) гъваркьи, чIваркьи бахъине, къиркъидизе; **стул под ним ~л** досда гъоркь бакI къиркъидан; 2) двари бахъине; **~ли бараба́ны** къалазул двари бахъана 3) *перен.* хехго ва гIемер гаргадизе; чвархъезе

ЗАТРЕ́ЩИНА *ж прост.* хъатица кIал, бетIер чIвай; чIвархъан бахъинаби (ботIролъ, гьурмалъ)

ЗАТРО́НУ//ТЬ *сов. кого-что* 1) (*коснуться, задеть*) хъвазе, хъатIизе; лъалкI, ругъун тезе; **пу́ля ~ла кость** гулла рокьода хъван буго 2) *перен.* рехсезе, тIадчIей гьабизе; **~ть вопро́с** суалалда тIадчIей гьабизе ◊ **~ть самолю́бие** чилъиялда хъатIизе; **лёгкие ~ты** гьуърузда хъван (хурхун) буго (*унти*)

ЗАТРУДНЕ́НИ//Е *с* 1) (*помеха*) захIималъи, квалквал 2) (*трудное положение*) захIматаб хIал, малъкъосин; **быть в ~и** малъ къосине, захIматаб хIалалда, гьабизе жо лъаларого, вукIине

ЗАТРУДНИ́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое захIматаб, квалквалаб; **попа́сть в ~ое положе́ние** захIматаб хIалалде ккезе

ЗАТРУДНИ́ //ТЬ *сов.* 1) *кого* (*доставить затруднение*) квалквал (захIималъи, лазатбахъи) ккезабизе; **е́сли вас не ~т** дуе квалквал ккезабулеб батичIони, захIималъиареб батани 2) *что* (*сделать трудным*) захIималъизабизе; **~ть до́ступ** *куда-л. кибениги* нух захIималъизабизе

ЗАТРУДНИ́ТЬСЯ *сов. чем и с неопр.* (*оказаться в затруднении*) захIималъизе, захIматаб хIалалде ккезе

ЗАТРУДНЯ́ ТЬ *несов. см.* **затрудни́ ть**

ЗАТРУДНЯ́ //ТЬСЯ *несов. см.* **затрудни́ ться**

ЗАТРЯСТИ́ *сов. кого-что* кIобокIизе, хьвагIезабизе лъугьине

ЗАТРЯСТИ́СЬ *сов.* (*от холода, страха и т.п.*) сородизе лъугьине

ЗАТУМА́НИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **затума́нить(ся)**

ЗАТУМА́НИ//ТЬ *сов. что* 1) (*сделать плохо видимым*) хьухьазабизе, накIкI лъезабизе 2) *перен.* (*сделать неясным*) бичIчIуларебльун (хадуб гьоларебльун) лъугьинабизе; **~ть мысль** пикру бичIчIуларебльун гьабизе ◊ **слёзы ~ли глаза́** магIица бадиб хьухь лъугьинабуна

ЗАТУМА́НИ//ТЬСЯ *сов.* 1) накIкI лъезе, хьухьазе, хьухь лъугьине 2) *перен.* (*стать неясным*) бичIчIуларебльун лъугьине; бикьакълъизе **созна́ние ~лось** гIакълу бикьакълъана

ЗАТУПИ́ТЬ *сов. что разг.* бал хвезабизе, свинабизе, тIехIинабизе; ~ **топо́р** гIащтIи тIехIинабизе (свинабизе)

ЗАТУПИ́ //ТЬСЯ *сов. разг.* бал хвезе, свине, тIехIине; **игла́ ~лась** рукIкIен тIехIана

ЗАТУПЛЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **затупи́ ть(ся)**

ЗАТУХА́НИЕ *с* (*по гл.* **затуха́ть**) свин, сун ин (*цIа*); тIагIун ин (*гьаракь, карачалаби ва ц.*)

ЗАТУШЕВА́ТЬ *сов. что* 1) туш бахине, тушалъ къачIазе; ~ **рису́нок** сурат тушалъ къачIазе 2) *перен.* (*сгладить*) битIа-бишизабизе, баха-бачине, гьоркь кIкIвинабизе, бахчизе; ~ **своё уча́стие в э́том де́ле** гьеб ишалъулъ жиндирго гIахьаллъи гьоркь кIкIвинабизе

ЗАТУШЁВЫВАТЬ *несов. см.* **затушева́ть**

ЗАТУШИ́ ТЬ *сов. что разг.* свинабизе; ~ **свечу́** хIедучирахъ свинабизе

ЗА́ТХЛ//ЫЙ, -ая, -ое махI бахъараб, махIцараб, рагьлил махI бахъараб, ккалараб; **~ые сухари́** ккалараб махI бахъараб сухари

ЗАТЫКА́ТЬ *несов. см.* **заткну́ть**

ЗАТЫ́ ЛОК *м* гъванца ◊ **в** ~ цоясда хадув цояв гьавун, хадур-цере кьер гьабун

ЗАТЯ́ ГИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **затяну́ть(ся)**

ЗАТЯ́ЖКА *ж* **1.** (*по гл.* **затяну́ть**[1)]) халат бахъинаби, нахъбахъизаби **2.** (*по гл.* **затяну́ться**) халатбахъин, нахъбахъи **3.** (*при курении*) нахъе туркIи, цIай (*папиросалъул кIкIуй*)

ЗАТЯЖН//О́Й, -а́я, -о́е халат бахъараб; чIамучIлъараб; **~а́я боле́знь** халат бахъараб (чIамучIлъараб) унти; **~о́й прыжо́к** халат бахъараб кIанцIи (*халатаб заманаялъ парашют рагьичIого гьабулеб кIанцIи*)

ЗАТЯНУ́ //ТЬ[1] *сов.* 1) *кого-что* (*туго стянуть*) дугъдан къазе, щулаго (къан) бухьине; ~ **по́яс** рачел къан бухьине 2) *кого-что* (*засосать*) жанибе цIан ине; **~ло в тряси́ну** хьуцIилъе жанибе цIан ана 3) *кого-что* (*вовлечь*) гьоркьобе (гьорлъе) цIазе (вачине), гьоркьов (гьорлъ) гIахьаллъизавизе; **~ть в спор** дагIбаялъулъ гIахьаллъизавизе 4) *что* (*задержать, замедлить*) халат бахъинабизе; **~ть рабо́ту** хIалтIи халат бахъинабизе 5) *что чем и безл.* (*покрыть*) бахчизабизе; **не́бо ~ло ту́чами** зоб накIкIаз бахчизабуна 6) *безл.* (*зажить*) гьудазе, тIад хъал къазе; **ра́ну ~ло** ругъун гьудана (сахлъана)

ЗАТЯНУ́ ТЬ[2] *сов. что* (*начать петь*) ахIизе лъугьине (*кеч1)*; ~ **пе́сню** кечI ахIизе лъугьине

ЗАТЯНУ́//ТЬСЯ *сов.* 1) къазе, бухьине *(жиндаго);* **~ться по́ясом** рачел къазе (*жиндаго*) 2) (*покрыться; заволочиться*) тIибитIун бацизе, бахчизе; **не́бо ~лось ту́чами** зоб накIкIаз бахчана 3) (*задержаться*) халат бахъине; **перегово́ры ~лись** гара-чIвари халат бахъана 4) (*при курении*) жанибе цIазе (*папиросалъул кIкIуй*) 5) (*зажить*) гьудазе, данде бачIине; **ра́на ~лась** ругъун гьудана, данде буцIцIана

ЗАУЛЫБА́ТЬСЯ *сов.* гьимизе лъугьине

ЗАУ́ МН//ЫЙ, -ая, -ое бичIчIулареб, бичIчIизе захIматаб; **~ая речь** бичIчIизе захIматаб кIалъай

ЗАУНЫ́ВН//ЫЙ, -ая, -ое пашманаб, гъаримаб; **~ая пе́сня** пашманаб кечI

ЗАУПРЯ́ МИТЬСЯ *сов.* тIирун чIезе, мекълъизе

ЗАУРЯ́ДНЫЙ -ая, -ое гIадатияв, гьоркьохъев; ~ **челове́к** гIадатияв чи (инсан), цогидаздаса тIокIлъи гьечIев чи

ЗАУСЕ́НЕЦ *м см.* **заусе́ница**

ЗАУСЕ́НИЦА *ж* 1) гьанал малъ 2) *тех.* металлалъул кьужен *(чархида ккведал хутIулеб)*

ЗАУТЮ́ ЖИТЬ *сов.* иту бахъун (чIван), битIизабизе; ~ **шов** иту бахъун, кьегI (рукъумухъ) битIизабизе

ЗАУ́ ЧЕНН//ЫЙ, -ая, -ое цебеккунго цIалун лъазабураб; **~ые фра́зы** цереккунго лъазарурал жугьаби

ЗАУ́ЧИВАТЬ *несов. см.* **заучи́ ть**

ЗАУЧИ́ТЬ *сов.* цIалун лъазабизе, ракIалда чIезабизе; ~ **пра́вило** къагIида (правило) лъазабизе, ракIалда чIезабизе

ЗАУЧИ́ ТЬСЯ *сов. разг.* гIемер цIалдон, сваказе; цIалуда тIад чIезе, цIалдолаго гIемер заман хвезабизе

ЗАФИКСИ́ РОВАТЬ *сов. что* 1) сурат бахъун тезе 2) (*отметить, учесть*) хIисабалде босун тезе, хал гьабун тезе

ЗАХА́ЖИВАТЬ *несов. см.* **заходи́ ть**

ЗАХА́ЯТЬ *сов. кого-что прост.* какизе, суризавизе, бугьтанал лъезе

ЗАХВА́ЛИВАТЬ *несов. см.* **захвали́ ть**

ЗАХВАЛИ́ ТЬ *сов. кого-что разг.* гIемер вещцун, гIамал хвезабизе; вещцизе лъугьине

ЗАХВА́Т *м* хIалица (гучалъ) бахъи; ~ **чужи́х террито́рий** хIалица чияр ракьал рахъи

ЗАХВАТИ́//ТЬ *сов.* 1) *кого-что* (*схватить, взять*) кквезе, босизе 2) *кого-что* (*овладеть*) бахъизе; ~ **чужу́ю террито́рию** чияр ракь бахъизе; ~ **власть** хIакимлъи (власть) бахъизе; 3) *кого-что* (*взять с собой*) цадахъ босизе; **он ~л бума́ги с собо́й** дос кагътал цадахъ росана 4) *кого* (*увлечь*) жиндего цIазе; **его́ ~ла э́ та рабо́та** гьеб хIалтIуца цIан ана (кодове восана) дов 5) *кого-что разг.* (*застать, застигнуть*) батизе, щвезе; **я ~л его́ до́ма** дида дов рокъов ватана; **~ть на ме́сте преступле́ния** такъсир гьабулеб бакIалдаго тIадго кквезе ◊ **дух ~ло** хIухьел цIазе захIималъана (*гьабураб асаралъ*), гьакIкIан хутIана

ЗАХВА́ТНИЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое хъамалчилъиялъулаб, хIалица бахъи мурадлъун бугеб; **~ая поли́ тика** хъамалчилъиялъулаб политика, хIалица бахъи мурадлъун бугеб политика

ЗАХВА́ТЧИК *м* хъамалчи, гъарачи

ЗАХВА́ТЫВАТЬ *несов. см.* **захвати́ ть**

ЗАХВА́ТЫВАЮЩ//ИЙ, -ая, -ее кутакалда асар гьабулеб, ракI тIаде (жинде) цIалеб; **~ая карти́ на** ракI тIаде цIалеб сурат

ЗАХВОРА́ТЬ *сов. разг.* унтизе, шокълъизе, кIоларого лъугьине

ЗАХИРЕ́//ТЬ *сов. разг.* 1) (*стать хилым*) загIиплъизе 2) *перен.* (*прийти в упадок*) свине, гуч тIагIине, гIодобе ккезе; **хозя́ й-ство ~ло** магIишаталъул гуч тIагIана (магIишат загIиплъана)

ЗАХЛАМИ́ ТЬ *сов. что разг.* гIалагъважаялъул (магъакь-кIачаралъул) цIезабизе

ЗАХЛАМЛЁННЫЙ, -ая, -ое гIалагъважаялъул (магъакь-кIачаралъул) цIезабураб

ЗАХЛАМЛЯ́ ТЬ *несов. см.* **захлами́ ть**

ЗАХЛЕБНУ́//ТЬСЯ *сов.* 1) шокъроб речIчIизе (*лъим*), гIуркъизе; **~вшись, утону́л** шокъроб лъим речIчIун, гъанкъана 2) гьоркьоб къотIизе, хIухьел цIазе захIмалъизе; ◊ **ата́ка ~лась** гьужум гьоркьоб къотIана (*дандечIей цIикIкIиналъ*)

ЗАХЛЁБЫВА//ТЬСЯ *несов.* 1) *см.* **захлебну́ться** 2) хIухьел цIазе захIмалъизе (*релъулаго, гIодулаго, бицунаго*); **говори́ть ~ясь** къотIарулаго гаргадизе; **~ться от ра́дости** вохиялъ гьоркьоб къотIаризе

ЗАХЛЕСТНУ́ //ТЬ *сов. кого-что* 1) (*обвив, затянуть*) *сунданиги* тIад жемизабун, харцIун цIазе; **~ть верёвку** квар харцIун цIазе 2) (*обдать*) гьулчун бачIине, тIаде гьулчизе; **волна́ ~ла ло́дку** карачел росоде гьулчун бачIана

ЗАХЛЁСТЫВАТЬ *несов. см.* **захлестну́ть**

ЗАХЛО́ПАТЬ *сов.*: **~ в ладо́ши** хъат чIвазе (лъугьине); **~ кры́ льями** куркьбал кьаб-кьабизе (кьабезаризе)

ЗАХЛО́ПНУТЬ *сов. что* гъванкан къазе; **~ дверь** нуцIа гъванкан къазе

ЗАХЛО́ПНУ//ТЬСЯ *сов.* гъванкан къан ине; **дверь ~лась** нуцIа гъванкан къан ана

ЗАХЛО́ПЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **захло́пнуть(ся)**

ЗАХЛОПОТА́ТЬСЯ *сов. разг.* тIалаб-агъаз гьабулаго, сваказе (бизарлъизе); тIалаб-агъаз гьабулаго, гIемераб заман чIвазе

ЗАХМЕЛЕ́ТЬ *сов.* мехтизе

ЗАХО́Д *м* **1.** (*по гл.* **зайти́**) бачIин, лъугьун бачIин, лъугьин; **~ корабля́ в порт** гама порталде лъугьин (бачIин); **~ в тыл неприя́ теля** тушманасул мугъзада (тылалда) нахъе лъугьин **2.** (*закат*) тIерхьин, щинкIи; **с ~ом со́лнца ве́тер зати́х** бакъ тIерхьиндал, гьури сасана

ЗАХОДИ́ ТЬ *несов. см.* **зайти́**

ЗАХОЛУ́ СТНЫЙ, -ая, -ое рагIа-ракьанде ккараб, культурияб централдаса рикIкIада бугеб; **~ городо́к** культурияб централдаса рикIкIада бугеб гьитIинаб шагьар

ЗАХОЛУ́ СТЬЕ *с* рагIа-ракьанде ккараб бакI, рикIкIадаб провинция (*культурияб централдаса батIа мIураб*), тохаб бакI

ЗАХОРОНЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **захорони́ ть**) вукъи (*хабалъ*) **2.** (*могила*) хоб; рукъараб бакI

ЗАХОРОНИ́ ТЬ *сов. кого-что* вукъизе

ЗАХОТЕ́ТЬ *сов. кого-чего и с неопр.* бокьизе*;* **~ ча́ю** чай бокьизе

ЗАХОТЕ́//ТЬСЯ *сов. безл. кому чего и с неопр.* бокьун букIине; **мне ~лось пить** дие гьекъезе бокьун букIана

ЗАХОХОТА́ТЬ *сов.* гIагIадизе, велъанхъизе, кIвакIвадун велъанхъизе

ЗАХРАПЕ́ТЬ *сов.* хъванхъвадизе (*кьижидал*)

ЗАХРОМА́ТЬ *сов.* рекъдизе, рекъдизе лъугьине

ЗАХУДА́ЛЫЙ, -ая, -ое 1) (*обедневший*) мискинлъараб, хъарцинлъараб 2) (*незначительный*) кIудияб кIвар гьечIеб; **~ го́род** кIудияб кIвар гьечIеб, чIобоголъараб шагьар

ЗАЦА́ПАТЬ *сов. кого-что прост.* кквезе, хапизе, хапун кквезе

ЗАЦВЕСТИ́ [1] *сов.* 1) (*о стоячей воде*) тIад хен чIвазе 2) *разг.* (*покрыться плесенью*) ккалазе, ккал чIвазе

ЗАЦВЕ//СТИ́ [2] *сов.* (*начать цвести*) тIегьазе лъугьине; **я́ блоня ~ла** гIечугъветI тIегьазе лъугьана

ЗАЦВЕТА́ТЬ *несов. см.* **зацвести́** [1]

ЗАЦЕПИ́ ТЬ *сов. кого-что* 1) базабизе (*гъанцIа, гъармахъ*); **~ бревно́ багро́м** чIалуялда гъанцIа базабизе 2) (*случайно задеть*) лъачIого тункизе, базе; **~ ного́й за поро́г** рагьумахIуялда хIетIе базе 3) *кого-что перен. разг.* (*задеть чьи-л. интересы, чувства*) хъатIизе

ЗАЦЕПИ́ //ТЬСЯ *сов. за что чем* 1) базе; **пла́тье ~лось за гвоздь** гурде магIида бана 2) *разг.* (*уцепиться*) хурхине; **~ться за стул** бакIида хурхун чIезе; бан чIезе, рекIун чIезе

ЗАЦЕ́ПКА *ж разг.* 1) (*крючок*) гъанца, гъармахъ, кIичI 2) *перен.* багьана 3) *перен.* (*препятствие, помеха*) квалквал, авара 4) *перен.* кумек щвей (гьаби)

ЗАЦЕПЛЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **зацепи́ ть(ся)**

ЗАЧАСТИ́ //ТЬ *сов. разг.* (*начать делать что-л. часто*) риз гьабизе лъугьине, ризлъизе лъугьине, ризлъизе; **~ть в го́сти** гьоболлъухъ хьвади риз гьабизе; **дождь ~л** цIад ризлъана

ЗАЧАСТУ́ Ю *нареч. разг.* гIемер, ризго, гIемерисеб мехалъ; **так ~ быва́ет** гIемерисеб мехалъ гьедин букIуна

ЗАЧА́ТИЕ *с* лъимер (тIинчI, хьонтIи) лъугьин

ЗАЧА́Т//ОК *м* 1) (*зародыш*) хьонтIи, хьон 2) *мн.* **~ки** *перен.* рижи, байбихьи, лъугьин, бижизе лъугьин; **~ки но́вых отноше́ний** цIиял гьоркьолъабазул рижи 3) *биол.* (*рудимент*) рудимент (*цIубан бахъинчIеб, ялъуни цIакъго некIсияб умумузулъ цIубан букIараб лага*)

ЗАЧА́ТОЧН//ЫЙ, -ая, -ое хьонтIидулаб, хьодулаб, бижизе байбихьулеб, байбихьул даражаялда бугеб; **в ~ой фо́рме** байбихьул даражаялда (*бугеб*)

ЗАЧА́ТЬ *сов. кого и без доп. уст.* лъимер (тIинчI, хьонтIи) лъугьинабизе,ккезе

ЗАЧА́ХНУТЬ *сов.* 1) (*захиреть*) унти ккезе, унтун загIиплъизе 2) (*завянуть*) бечIазе

ЗАЧЕ́М *нареч. вопр. и относ.* щай, щибизе, сунде гIоло; **~ ты пришёл сюда́?** щай мун гьаниве вачIарав? **~ ему́ э́ то ну́жно?** щай гьесие гьеб къваригIараб? **я зна́ю, ~ он э́ то сде́лал** дида лъала щай гьес гьеб гьабурабали

ЗАЧЕ́М-ТО *нареч.* щаялиго, сундеялиго гIоло

ЗАЧЕРВИ́ ВЕТЬ *сов. разг.* борохь (хIапара, къвек1) базе

ЗАЧЁРКИВАНИЕ *с* (*по гл.* **зачёркивать**) тIад мухъ цIай

ЗАЧЁРКИВАТЬ *несов. см.* **зачеркну́ть**

ЗАЧЕРКНУ́ ТЬ *сов. что* тIад мухъ цIазе; **~ напи́ санное** хъваралда тIад мухъ цIазе

ЗАЧЕРНЕ́ТЬ *сов.* 1) (*стать черным*) чIегIерлъизе 2) (*показаться – о черном*) чIегIерлъун бихьизе лъугьине

ЗАЧЕРНИ́ТЬ *сов.* чIегIерлъизабизе, чIегIер гьабизе, чIегIер белъине

ЗАЧЕРПНУ́ТЬ *сов. что, чего* цIун босизе (*лъим ва ц.*); **~ ведро́ воды́ из коло́дца** ведро гъуялъуса лъел цIун босизе

ЗАЧЕ́РПЫВАТЬ *несов. см.* **зачерпну́ть**

ЗАЧЕРСТВЕ́Л//ЫЙ, -ая, -ое къвакIараб, бакъвараб, свараб; **~ая бу́лка** бакъвараб булка

ЗАЧЕРСТВЕ́ТЬ *сов.* (*о хлебе*) къвакIизе, бакъвазе, сваризе

ЗАЧЁС *м* ххан цо рахъалде буссинабураб рас

ЗАЧЕСА́ТЬ *сов. что* (*причесать*) ххазе; **~ во́лосы наза́д** рас нахъехун ххазе

ЗАЧЕСА́ТЬСЯ *сов.* хъасдезе лъугьине

ЗАЧЕ́СТЬ *сов. что* 1) (*в счет чего-л.*) рикIкIине, малъун (хIисаб гьабун) тезе; **~ полго́да за год** бащдаб лъагIел лъа-гIеллъун рикIкIине 2) (*поставить зачет*) зачет лъезе

ЗАЧЁСЫВАТЬ *несов. см.* **зачеса́ть**

ЗАЧЁТ *м* 1) зачет; **поста́вить ~** зачет лъезе; **сдать ~** зачет кьезе 2) хIисаб гьаби, хIисаб гьабун, малъи, рикIкIин

ЗАЧЁТН//ЫЙ, -ая, -ое зачеталъул; **~ая кни́ жка** зачеталъул (*зачетал лъолеб*) книжка

ЗАЧИНА́ТЕЛЬ *м* тIоцебе жинца байбихьулев чи; **~ соревнова́ния** къец тIоцебе байбихьулев чи

ЗАЧИНА́ТЕЛЬНИЦА *ж* тIоцебе жинца байбихьулей гIадан

ЗАЧИ́НЩИК *м* бетIер, байбихьарав (багъаризабурав) чи; **~ ссо́ры** дагIба багъаризабурав чи, дагIбадул бетIер

ЗАЧИ́ НЩИЦА *ж* бетIер, байбихьарай (багъаризабурай) гIадан

ЗАЧИСЛЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **зачи́слить**) гъорлъ малъи (рикIкIин, рехсей), гъорлъе (гьоркьове) воси **2.** (*по гл.* **зачи́слиться**) гъорлъе (гьоркьове) лъугьин, гьоркьов вукIин

ЗАЧИ́ СЛИТЬ *сов. кого-что* гъорлъ малъизе (рикIкIине, рехсезе), гъорлъе (гьоркьове) восизе; *кивениги* восизе; **~ в институ́т** институталде восизе

ЗАЧИ́СЛИТЬСЯ *сов.* (*поступить*) лъугьине; **~ на рабо́ту** хIалтIуде лъугьине

ЗАЧИСЛЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **зачи́ слить(ся)**

ЗАЧИ́ СТИТЬ *сов. что* хъалги бахъун, бацIцIад гьабизе; чанчахин инабизе; цIвакизабизе; **~ ваго́н** вагон бацIцIад гьабизе

ЗАЧИТА́ТЬ *сов. что* 1) (*вслух*) ахIун киназего цIализе 2) *разг.* (*читая, истрепать*) гIемер цIалун, хохозабизе 3) *разг.* (*не возвратить – напр. книгу*) нахъбуссинабунгутIизе (*цIализе босараб мIехь ва ц.*)

ЗАЧИТА́ТЬСЯ *сов.* (*увлечься чтением*) цIалулеб жоялде вуссун, цогидаб жо кIочон тезе, цIалиялде вуссине

ЗАЧИ́ ТЫВАТЬ[1] *несов. см.* **зачéсть**

ЗАЧИ́ ТЫВАТЬ[2] *несов. см.* **зачита́ть**

ЗАЧИ́ ТЫВАТЬСЯ[1] *несов. см.* **зачéсться**

ЗАЧИ́ ТЫВАТЬСЯ[2] *несов. см.* **зачита́ться**

ЗАШАГА́ТЬ *сов.* галаби рахъизе лъугьине

ЗАШАТА́ТЬСЯ *сов.* тартадизе (хьваГIезе) лъугьине

ЗАШВЫРНУ́ ТЬ *сов. что* хьуризабизе, ссуризабизе

ЗАШЕВЕЛИ́ ТЬ *сов. чем* багъа-бачаризабизе

ЗАШЕВЕЛИ́ ТЬСЯ *сов.* багъа-бачаризе

ЗАШЕЛЕСТЕ́ТЬ *сов.* шуршудизе лъугьине

ЗАШЕПТА́ТЬ *сов.* щурщудизе лъугьине

ЗАШЕПТА́ТЬСЯ *сов.* щурщудизе, щурщудун гаргадизе

ЗАШИВА́ТЬ *несов. см.* **заши́ ть**

ЗАШИПЕ́ТЬ *сов.* хьирхьидизе лъугьине (*борохь*); чулчудизе байбихьизе (*къанде тIураб нах, тIаде лъим тIедал, цунтур ва ц.*)

ЗАШИ́ТЬ *сов. что* 1) (*починить, заделать*) букъизе (*бихъараб бак1)* 2) *во что* (*обшить, запаковать*) рукъи базе, сверун букъизе, букъун щула гьабизе; ~ **посы́лку в холст** посылка сверун хIебет букъизе

ЗАШИФРО́ВЫВАТЬ *несов. см.* **зашифрова́ть**

ЗАШИФРОВА́ТЬ *сов. что* шифралдалъун хъвазе; ~ **телегра́мму** телеграмма шифралдалъун хъвазе

ЗАШНУРОВА́ТЬ *сов. что* чалуялъ (чIалица) бухьине; ~ **боти́ -нок** ботинкаялъул чIоло бухьине (чIалица данде бачине)

ЗАШНУРО́ВЫВАТЬ *несов. см.* **зашнурова́ть**

ЗАШПАКЛЕВА́ТЬ *сов. что* замаска бахине

ЗАШТЕМПЕЛЕВА́ТЬ *сов.* штемпель чIвазе

ЗАШТО́ПАТЬ *сов. что ш*ушине, шушун къачIазе; ~ **чулки́** щватаби шушун къачIазе

ЗАШТО́ПЫВАТЬ *несов. см.* **заштóпать**

ЗАШТО́РИВАТЬ *несов. см.* **заштóрить**

ЗАШТО́РИТЬ *сов. что разг.* штора (гордабигъ) бигъизе; ~ **окнó** горда штора (гордабигъ) бигъизе

ЗАШТРИХОВА́ТЬ *сов. что* штрихал лъезе, тIеренал хIуччал цIазе

ЗАШТУКАТУ́ РИВАТЬ *несов. см.* **заштукату́рить**

ЗАШТУКАТУ́ РИТЬ *сов. что* штукатурка гьабизе (сали лъезе); ~ **потолóк** мукърукь штукатурка гьабизе (сали лъезе)

ЗАШУМЕ́ТЬ *сов.* хъудизе лъугьине, хъуй гьабизе лъугьине, ахIи-хIур бахъинабизе

ЗАЩЕБЕТА́ТЬ *сов.* чIирчIидизе лъугьине (*хIанчIи*)

ЗАЩЕКОТА́ТЬ *сов. кого* гиди-гиди бачине, гиди-гиди рекIинабизе

ЗАЩЁЛКА *ж* 1) *разг.* (*щеколка*) хъурщулеб рахай 2) (*часть замка*) рахаялъул хъерщеро

ЗАЩЁЛКАТЬ *сов.* 1) чвархъи (чIваркьи) бахъинабизе лъугьине 2) (*о пении птицы*) бакънал рачине лъугьине

ЗАЩЁЛКИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **защёлкнуть(ся)**

ЗАЩЁЛКНУТЬ *сов.* чвархъан хъерщеро жанибе ккезабизе (*рахаялъул*)

ЗАЩЁЛКНУТЬСЯ *сов.* чвархъан рахан ине

ЗАЩЕМИ́ТЬ[1] *сов. что* чIинтIизабизе, зинкIкIизабизе, данде къазабизе; ~ **па́лец** килищ зинкIкIизабизе; ~ **клеща́ми** гъоцIоца данде къазабизе

ЗАЩЕМИ́ //ТЬ[2] *сов. безл.* (*начать щипать*) данде къазе лъугьине, букIкIун ине (*ракI, керен*); **~ло в груди́** керен данде къазе лъугьана (хIенсезе лъугьана)

ЗАЩЕМЛЯ́ ТЬ *несов. см.* **защеми́ ть**[1]

ЗАЩИПНУ́ ТЬ *сов.* зинкIкIизе; гъоцIоца ккун, босизе

ЗАЩИ́Т//А 1. (*по гл.* **защити́ть(ся)** цIуни; **~а дете́й** лъимал цIуни; **~а ми́ра** рекъел цIуни; **~а от неприя́теля** тушманасдаса цIуни **2.** (*то, что защищает*) цIунулеб жо (*мас. гIадамал сундасанниги цIунулеб)*; мугъчIвай; **~а от дождя́** цIадаладаса цIунулеб жо (*чадир ва ц.*) **3.** *юр.* защитник, адвокат **4.** *спорт.* защита, цIуни ◊ **~а диссерта́ции** диссертация цIуни; **иска́ть себе́ ~ы** жив цIунулел чагIи ралагьизе, хIалае рахъунел чагIи ралагьизе

ЗАЩИТИ́ТЬ *сов. кого-что в разн. знач.* цIунизе; ~ **ребёнка** лъимер цIунизе; ~ **го́род от врага́** тушманасдаса шагьар цIунизе; ~ **интере́сы де́ла** ишалъул интересал цIунизе; ~ **свои́ права́** жиндирго ихтиярал цIунизе; ~ **глаза́ ладо́нью** цебе квер ккун, берал цIунизе; ~ **от све́та** канлъудаса цIунизе; ~ **диссерта́цию** диссертация цIунизе

ЗАЩИТИ́ ТЬСЯ *сов.* цIунизе (*живго*)

ЗАЩИ́ТНИК *м* 1) цIунулев чи, хадусан вахъунев чи; ~ **ро́дины** ватIан цIунулев чи 2) *юр.* защитник, адвокат 3) *спорт.* защитник *(футболалда, хоккеялда)*

ЗАЩИ́ ТНИЦА *ж* цIунулей гIадан, хадусан яхъуней гIадан

ЗАЩИ́ТН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*служащий для защиты*) цIунулеб; **~ые очки́** берал цIунулел цIороберал 2) *разг.* (*о цвете*) гIурччинаб кьералъул

ЗАЩИЩА́ТЬ *несов.* 1) *см.* **защити́ ть** 2) *кого-что юр. лъилниги* рахъ ккун, кIалъазе (*судалда*), *лъилниги* рахъ кквезе

ЗАЩИЩА́ТЬСЯ *несов. см.* **защити́ ться**

ЗАЯВИ́ТЬ *сов. что, о чем* лъазабизе (*хъван яги кIалзудалъун*); ~ **проте́ст** дандечIей лъазабизе; ~ **о своём согла́сии** жиндир разилъи лъазабизе

ЗАЯВИ́ ТЬСЯ *сов. разг.* вачIине, ваккун вачIине (*ракIалдаго гьечIого*); ~ **домо́й ве́чером** къаси рокъове ваккун вачIине

ЗАЯ́ВК//А *ж* 1) (*заявление*) заявка; (*сундуениги ихтияралъе кьураб официалияб гIарза*) гIарза; **сде́лать ~у** *на что-л.* сундуениги заявка гьабизе; **~а на изобрете́ние** изобретениялъе (ургъун бахъараб жоялъе) заявка 2) (*просьба*) гьари, гIарза, заявка; **конце́рт по ~ам** гьариялда рекъон, гьабураб (кьолеб) концерт

ЗАЯВЛЕ́НИЕ *с* 1) (*официальное сообщение*) лъазаби, баян кьей; ~ **прави́тельства** хIукуматалъул лъазаби 2) (*письменная просьба*) гIарза; **пода́ть** ~ гIарза кьезе

ЗАЯВЛЯ́ ТЬ *несов. см.* **заяви́ ть**

ЗАЯ́ ДЛЫЙ, -ая, -ое *цо сунденигu* вуссарав, тIаде (бетIералде) босун, лъугьунев; ~ **кури́ льщик** цIакъ гIемер хъалиян цIалев чи

ЗА́ЯЦ *м* 1) гIанкI 2) *разг.* билет гьечIев пассажир ◊ **за двумя́ за́йцами пого́нишься, ни одного́ не поймáешь** *посл.* кIиго гIанкIида хадув векерани, цонигияб кквезе щолареб

ЗА́ЯЧ//ИЙ, -ья, ье гIанкIил(аб); **~ья шку́рка** гIанкIил цIоко

ЗВА́НИЕ *с* цIар; **почётное** ~ хIурматияб цIар; **во́инское** ~ рагъулъаб цIар (звание); **учёное** ~ гIелмияб цIар

ЗВА́НЫЙ, -ая, -ое 1) (*приглашенный*) ахIарав, ахIун вачарав (вачIарав); ~ **обе́д** гьалбал ахIараб къадеквен

ЗВАТЬ *несов. кого-что* 1) (*призывать, приглашать*) ахIизе; ~ **на по́мощь** кумекалъе ахIизе; ~ **в го́сти** гьоболлъухъ ахIизе 2) *разг.* (*называть*) цIар лъезе, абизе; **как его́ зову́т?** досда цIар щиб?

ЗВЕЗД//А́ *ж* 1) *в разн. знач.* цIва; **Поля́рная ~а́** *астр. Р*огьалил цIва; **пятиконе́чная ~а́** щугIаркьелаб цIва; **Кремлёвские ~ы** Кремлялъул цIваби; **о́рден Красной ~ы** БагIараб цIваялъул орден 2) (*о человеке*) машгьурав чи; ~ **экра́на** экраналъул цIва, машгьурав артист

ЗВЁЗДН//ЫЙ, -ая, -ое 1) цIвабзазул; **~ая ка́рта** цIвабзазул карта 2) (*со множеством звезд*) цIваби гIемераб, цIвабзазул цIураб; **~ое не́бо** цIвабзазул цIураб зоб ◊ **~ый проба́г** *спорт.* "цIвабзазулаб" рекери (*батIи-батIиял рахъаздасан цо пункталде (бакIалде) гьабулеб спорталъулаб рекери*); **~ый час** бугеб гьунаралъул (къуватальул) хIал бихьулеб мех

ЗВЕН//ЕТЬ *несов.* зенгъезе, звангъезе, зваргъезе, звархезе; **~ит колоко́льчик** цIумур зваргъолеб буго ◊ **у меня́ в уша́х ~и́т** дир гIинзуниб салахI цIалулеб буго (гьаракь бахъунеб буго)

ЗВЕНО́ *с* 1) (*часть цепи*) гIекI (*рахсил*) 2) (*группа*) звено; **пионе́рское** ~ пионеразул звено 3) (*часть чего-л.*) тIел, бутIа

ЗВЕНЬЕВА́Я *ж* звеньевая

ЗВЕНЬЕВО́Й *м* звеньевой

ЗВЕРЁНОК *м* жанаваралъул тIинчI; **зверёныш** *м* жанаваралъул тIинчI

ЗВЕРЕ́ТЬ *несов. разг.* вахIшилъизе

ЗВЕРИ́ НЕЦ *м уст. разг.* зверинец (*гIалхул хIайванал хьихьараб бак1)*

ЗВЕРИ́НЫЙ, -ая, -ое 1) гIалхул хIайваналъул(аб), жанаваралъул(аб), чанил; ~ **след** гIалхул хIайваналъул лъалкI 2) *перен.* (*жестокий*) вахIшияб, рахIму (гурхIел) гьечIеб

ЗВЕРОБО́Й[1] *м* гIалхул хIайваназде чан гьабулев чи

ЗВЕРОБО́Й[2] *м бот.* тIогьилхIет, чохьохер

ЗВЕРОВО́Д *м* жанаварал хьихьиялъул, гIезариялъул специалист

ЗВЕРОВО́ДСТВО *с* гIалхул хIайванал (жанаварал) хьихьи (гIезари)

ЗВЕРОВО́ДЧЕСКИЙ, -ая, -ое гIалхул хIайванал (жанаварал) гIезарулеб (хьихьулеб); **~ совхо́з** гIалхул хIайванал хьихьулеб (гIезарулеб) совхоз

ЗВЕРОЛО́В *м* жанаварал кколев чи

ЗВЕРОЛО́ВСТВО *с* жанаварал кквей (*магIишат хIисабалда*)

ЗВЕ́РСКИЙ, -ая, -ое 1) (*свирепый, дикий*) гIалхулаб, вахIшияб; **~ посту́пок** вахIшияб иш 2) *разг.* (*очень сильный*) цIакъ кутакаб; **~ хо́лод** цIакъ кутакаб квач; **~ аппети́т** кванде цIакъ кутакаб гъира ккей

ЗВЕ́РСТВО *с* 1) (*жестокость*) вахIшилъи, жанаварлъи, гIалхуллъи 2) *мн.* **~а** (*жестокие поступки*) вахIшиял (гIалхулал) ишал

ЗВЕ́РСТВОВАТЬ *несов.* вахIшиял (гIалхулал) ишал гьаризе, зулму гьабизе

ЗВЕР//Ь *м* 1) жанавар; **хи́щные ~и** вахIшиял жанаварал 2) *перен.* (*о человеке*) гIасияв (рахIму гьечIев) чи

ЗВОН *м* звангъи, зваргъи, зингъи, звархи, звархей; **колоко́льный ~** цIурмил зваргъи ◊ **~ в уша́х** гIинзуниб салахI цIали

ЗВОН//И́ ТЬ *несов.* зваргъи (звангъи, зингъи, звархи) бахъинабизе (бахъине); **часы́ ~я́ т** сагIат зваргъолеб буго; **~и́ ть в колоколя́** цIурмал кьабизе (звангъезаризе) 2) (*вызывать по телефону, говорить по телефону*) телефоналъ ахIизе 3) *перен. разг.* (*разглашать что-л.*) тIибитIизабизе, къватIиб (чияда) бицине (*балъгояб жо*)

ЗВО́НК//ИЙ, -ая, -ое зирараб; **~ий го́лос** зирараб гьаракь ◊ **~ие согла́сные** *лингв.* зирарал рагъукъал гьаркъал

ЗВОНО́К *м* 1) цIумур; **электри́ ческий ~** электрикалъул цIумур 2) (*звуковой сигнал*) гьаракь, зваргъи; **телефо́нный ~** телефоналъул гьаракь (зваргъи)

ЗВУК *м* гьаракь, сас; **~и и голоса́** сасал ва гьаркъал; **согла́сные ~и** *лингв.* рагъукъал гьаркъал; **ско́рость ~а** *физ.* гьаркъил хехлъи; **музыка́льный ~** музыкияб гьаракь

ЗВУКОВ//О́Й, -а́я, -о́е гьаркъил(аб); **~а́я волна́** гьаркъил карачел; **~о́й сигна́л** гьаркъилаб сигнал; **~ы́е зако́ны** *лингв.* гьаркъи-лал законал; **~о́е кино́** гьаркъилаб (гаргадулеб) кино

ЗВУКОЗА́ПИСЬ *ж* гьаракь хъвай

ЗВУКОИЗОЛЯ́ ЦИЯ *ж* звукоизоляция, гьаркъидаса цIуни

ЗВУКОНЕПРОНИЦА́ЕМЫЙ, -ая, -ое гьаракь гьорлъан биччалареб

ЗВУКОПОДРАЖА́НИЕ *с* гьаркъида релълъинаби (*тIабигIаталда бугеб гьаркъида, сасалда релълъинабун, аби*)

ЗВУКОПОДРАЖА́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое тIабигIаталда бугеб гьаркъида релъинабун абулеб; **~ые слова́** *лингв.* гьаркъида релълъинарун абулел рагIаби (*дванк, кьвагь, хъвап ва ц.*)

ЗВУКОПРОВО́ДНОСТЬ *ж* гьаракь гьорлъан биччай

ЗВУКОПРОНИЦА́ЕМЫЙ, -ая, -ое гьаракь гьорлъан биччалеб

ЗВУКОУЛА́ВЛИВАТЕЛЬ *м воен.* гьаракь кколеб аппарат

ЗВУЧА́НИЕ *с* (*по гл.* **звуча́ть**) гьаракь рагIи (бахъин)

ЗВУЧА́//ТЬ *несов.* 1) (*о голосе и т.п.*) бахъунеб (рагIулеб) букIине (*гьаракь*); **стру́ны ~т** чIвабзазул гьаракь рагIулеб буго 2) *перен.* (*обнаружиться*) загьирлъизе; рагIизе, лъазе; **в его́ го́лосе ~ла ра́дость** гьесул гьаркьилъ рагIулеб (загьирлъулеб) букIана рохел ◊ **~ть в уша́х** гIинзуниб къан букIине, чIей гьечIого, рагIулеб букIине, кIочон течIого, букIине, рекIелъ цIунун хутIизе

ЗВУ́ ЧНЫЙ, -ая, -ое зирараб (роцIараб, бацIцIадаб) гьаракьа-лъул; **~ колоко́льчик** зирараб (роцIараб) гьаракьалъул цIумур

ЗВЯ́КАТЬ *несов. чем* зваргъезабизе; **~ ключа́ми** кIулал зваргъезаризе

ЗВЯ́КНУТЬ *сов. чем* 1) зваргъи бахъинабизе; **~ ключа́ми** кIулаз зваргъи бахъинабизе 2) *кому разг.* телефоналъ ахIизе

ЗГИ: ни ~ не ви́дно щибниги бихьулеб гьечIо, бадиб килищ тунканиги, бихьулеб гьечIо

ЗДА́НИЕ *с* мина, ригь; **но́вое ~** цIияб мина; **~ кинотеа́тра** кинотеатралъул мина

ЗДЕСЬ *нареч.* гьаниб; **я провёл ~ пять дней** дица гьаниб щуго къо бана ◊ **одна́ нога́ – ~, друга́я – там** дурун, цIакъ хехго, цо параялъ; цо хIетIе – гьаниб, цогияб – доба

ЗДЕ́ШН//ИЙ, -яя, -ее *разг.* гьанисев; гьаниса; **~ие лю́ ди** гьаниса гIадамал (чагIи)

ЗДОРО́ВАТЬСЯ *несов.* салам кьезе, ворчIами кьезе; **~ за́ руку** квер бачун, салам кьезе

ЗДОРОВЕ́НН//ЫЙ, -ая, -ое *разг.* 1) (*о человеке*) залимав, мазалияв 2) (*очень большой*) цIакъ кIудияб; **~ая па́лка** цIакъ кIудияб тIил

ЗДО́РОВО *нареч. прост.* 1) (*сильно*) кутакалда; **~ уста́л** кутакалда свакана 2) (*хорошо*) цIакъ лъикI; **~ сказа́л** цIакъ лъикI абуна; **~ погуля́ли** цIакъ лъикI тира-сверана; **~ сде́лано** цIакъ лъикI гьабун буго

ЗДОРО́ВО *межд. прост.* ворчIами! салам!

ЗДОРО́В//ЫЙ,[1] -ая, -ое 1) сахав, унтичIев, чорхолъ витIарав; **~ый ребёнок** чорхолъ битIараб лъимер; **в ~ом те́ле ~ый дух** (*посл.*) сахаб чорхолъ — сахаб рухI 2) (*полезный для здоровья*) чорхое (сахлъиялъе) пайдаяб; **~ая пи́ща** чорхое (сахлъиялъе) пайдаяб квен 3) битIараб, пайдаяб; **~ая кри́ тика** битIараб (пайдаяб) критика ◊ **за ~о живёшь** *прост.* гIиллаго гьечIого; **будь ~** сахлъи кьеги, сахлъиялда таги

ЗДОРО́В//ЫЙ,[2] -ая, -ое кIудияб, мазалияб, кутакаб, къуватаб; **~ый па́рень** мазалияв гIолохъанчи; къуватав гIолилав

ЗДОРО́ВЬ//Е *с* сахлъи, сахлъи-саламалъи; **вре́дно для ~я** сахлъиялъе заралияб буго; **забо́титься о своём ~е** жиндирго сахлъияльул агъаз гьабизе ◊ **за ва́ше ~е!** дур (нужер) сахлъиялдасан (савлухъалдасан)! дур (нужер) сахлъиялъе гIоло!

ЗДРА́ВИЦА *ж* савлухъ, сахлъиялъе гIоло борхулеб лълъар

ЗДРА́ВНИЦА *ж* дару гьабизе ва хIалхьиялъе бугеб учреждение (санаторий, хIалхьиялъул рукъ); **де́тская ~** лъималазул санаторий

ЗДРАВОМЫ́СЛЯЩИЙ, -ая, -ее битIараб пикруялъул; битIун пикру гьабулев

ЗДРАВООХРАНЕ́НИЕ *с* сахлъи цIуни

ЗДРА́ВСТВ//ОВАТЬ *несов.* (*быть здоровым*) сах вукIине; паракъат бетIербахъи гьабизе ◊ **да ~ует!** чIахъаги! **да ~ует мир во всём ми́ре!** чIахъаги тIолго дунялалдаго рекъел! **~уйте!** вор-чIами! чIахъун таги!

ЗДРА́В//ЫЙ, -ая, -ое гIакъилаб, цIодораб, битIараб; **~ый смысл** битIараб пикру; **в ~ом рассу́дке** гIакълуялда, гIакълу бихчIого, агълъичIого, цIодорго

ЗЕ́БРА *ж* зебра (*гIорцIада релълъараб хIуччахараб Африкаялъул гIалхул хIайван*)

ЗЕВ *м* шекъералъул кIалтIу

ЗЕВА́КА *м, ж разг.* гьакIкIарав, хагарав (гьакIкIан хутIулев, тохав, гIадада тирулев вукIунев)

ЗЕВА́//ТЬ *несов.* 1) гьакIкIадизе; **~ть от ску́ки** чIалгIиналъ гьакIкIадизе 2) *разг.* (*глазеть*) хаган балагъун вукIине 3) *разг.* (*быть невнимательным*) гьакIкIан (хаган) хутIизе, тохлъизе; **не ~й!** цIодорго вукIа! хаган вукIунге! тохлъуге!

ЗЕВНУ́ ТЬ *однокр. к* **зева́ть**

ЗЕВО́К *м* гьакIкIай *(цо нухалъ кIал гьакIкIай);* гьакIкIалаго бахъунеб гьаракь

ЗЕВО́ТА *ж* гьакIкIади

ЗЕЛЕНЕ́//ТЬ *несов.* 1) (*становиться зеленым*) гIурччинлъи-зе; **луга́ ~ют** мучIдул гIурччинлъулел руго; **~ть от зло́сти** ццидаца (щин бахъиналъ) гIурччинлъизе 2) (*виднеться — о зеленом*) гIурччинго бихьизе; **вдали́ ~ет лес** рикIкIада гIурччинго бихьулеб буго рохь

ЗЕЛЕНЩИ́ К *м* овощал ва гIурччинлъи бичулев чи

ЗЕЛЕНЩИ́ ЦА *ж* овощал ва гIурччинлъи бичулей гIадан

ЗЕЛЁН//ЫЙ, -ая, -ое 1) гIурччинаб; **~ая кра́ска** гIурччинаб релъен (лажбар) 2) (*недозрелый — о плодах*) барщичIеб, щвечIеб, цIубачIеб гIурччинаб (*пихъ ва ц.*); **~ый горо́шек** гIурччинаб хилъало 3) *перен.* балугълъичIев, хIалбихьи гьечIев; **~ая молодёжь** хIалбихьи гьечIел гIолилал ◊ **до ~ого зми́ я** цере жал тIамизегIан, агълъизегIан (*гьекъолди*); **~ая у́лица** рагъараб (гIатIидаб) нух

ЗЕ́ЛЕНЬ *ж* 1) *собир.* (*растительность*) гIурччинлъи 2) гъветI-хер, рижулел жал 3) *собир.* овощал, кванилъ хIалтIизабулеб гIурччинхер

ЗЕМЕ́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое ракьул(аб), ракьалъул; **~ый уча́сток** ракьул бутIа; **~ая рефо́рма** ракьалъул реформа

ЗЕМЛЕВЛАДЕ́ЛЕЦ *м* ракьул бетIергьан

ЗЕМЛЕВЛАДЕ́НИЕ *с* 1) ракьалда кверщел (бетIергьанлъи) гьаби 2) (*земельный участок*) лъилниги бетIергьанлъиялда бугеб ракьул бутIа; милкракь

ЗЕМЛЕДЕ́ЛЕЦ *м* ракь хIалтIизабулев (бекьулев) чи, векьарухъан

ЗЕМЛЕДЕ́ЛИЕ *с* ракь хIалтIизаби

ЗЕМЛЕДЕ́ЛЬЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое рекьарухъанлъиялъул(аб); рекьа-рухъиялъул(аб); **~ие ору́дия** рекьа-рухъиялъулал алатал; **~ие райо́ны** ракь хIалтIизабулел районал

ЗЕМЛЕКО́П *м* ракь бухъулев хIалтIухъан, ракьул хIалтIаби гьарулев чи, ракьбухъ

ЗЕМЛЕМЕ́Р *м уст.*, ракьазул гIурхъи чIезабулев чи, землемер

ЗЕМЛЕПО́ЛЬЗОВАНИЕ *с* ракьалдаса пайда боси (*росдал магIишаталда*)

ЗЕМЛЕРО́ЙКА *ж зоол.* нухрагIункIкI

ЗЕМЛЕРО́ЙН//ЫЙ, -ая, -ое ракь бухъулеб; **~ая маши́на** ракь бухъулеб машина

ЗЕМЛЕТРЯСЕ́НИЕ *с* ракь (дуниял) багъари

ЗЕМЛЕЧЕРПА́ЛКА *ж* гIурул, хIорил, ралъдал тIиналдаса ракь къватIибе балеб машина

ЗЕМЛИ́СТЫЙ, -ая, -ое 1) (*с примесью земли*) ракь гъорлъ бугеб; **~ песо́к** ракь гъорлъ бугеб сали 2) (*о лице*) ракьукьераб (*гьумер*)

ЗЕМЛ//Я́ *ж* 1) (*планета*) Ракь, Дунял; **Земля́ враща́ется вокру́г Со́лнца** Ракь Бакъалда тIад сверула; **спу́тник Земли́** Ракьалъул спутник 2) (*суша*) ракъдаллъи; **мо́ре и ~** ралъадги ракъдаллъиги 3) (*территория; почва*) ракь; **колхо́зная ~я** колхоза-лъул ракь; **цели́нные ~и** гIуру къарал ракьал; **за́лежные зе́мли** рехун тарал ракьал 4) (*страна, государство*) пачалихъ, улка; **чужа́я ~я** чияр улка ◊ **как (то́чно) сквозь зе́млю провали́лся** ракьулъе тIерхьарав гIадин, тIагIана, араб рахъ лъачIого, тIагIана; **~и́ под собо́й не чу́ять** кутакалда вохун вукIине, вохиялъ кинабго кIочон тезе; **стере́ть с лица́ ~и́** тIубанго тIагIинабизе, кьучIдасанго биххизабизе

ЗЕМЛЯ́ К *м* бакI (ракь, росу) цояв

ЗЕМЛЯНИ́ КА *ж* (*растение, ягода*) гиригара, гIодокари (*диал.*)

ЗЕМЛЯНИ́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое гиригарадул; **~ый за́пах** гиригарадул махI; **~ое варе́нье** гиригарадул мурапа

ЗЕМЛЯ́ НКА *ж* ракьулъ бараб хъош (рукъ)

ЗЕМЛЯНО́Й, -а́я, -о́е ракьул; **~ вал** ракьул сангар; **~ червь** ракьухIутI, ракьуборохь (хIапара)

ЗЕМЛЯ́ ЧКА *ж* ракь (бакI, росу) цояй

ЗЕМНОВО́ДН//ЫЕ *мн.* (*ед.* **~ое** *с*) *зоол.* ракъдадаги лъадалъги гIумру гьабулел (*рухIчIаголъаби*)

ЗЕМН//О́Й, -а́я, -о́е ракьалъул, дунялалъул; **~ая ось** ракьалъул хIос; **~ая пове́рхность** ракьалъул тIасияб рахъ; **~ой шар** дунял

ЗЕНИ́Т *м в прям. и перен.* завал, зенит; **в ~е сла́вы** маш-гьурлъиялъул завалалда

ЗЕНИ́ ТКА *ж воен. разг.* зенитка, зенит гIарада (*самолетазде кьвагьулеб*)

ЗЕНИ́ТН//ЫЙ, -ая, -ое зенит; **~ая артилле́рия** зенит артиллерия

ЗЕНИ́ ТЧИК *м воен.* зенитчик, зенит гIарадачи

ЗЕНИ́ ТЧИЦА *ж* зенитчица

ЗЕНИ́Ц//А *ж уст.* ясбер; **бере́чь как ~у о́ка** ясбер гIадин цIунизе

ЗЕ́РКАЛО *с* 1) матIу 2) *перен.* сасараб, багъарулареб лъадал (*хIорил, гIурул ва ц.*) цIвакараб тIасарахъ (гьумер)

ЗЕРКА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое 1) матIудул; **~ый шкаф** матIудул шкаф, матIу бараб шкаф; **~ая мастерска́я** матIабазул мастерская 2) *перен.* (*блестящий, гладкий*) цIвакараб; **~ая пове́рхность о́зера** хIорил цIвакараб, матIугIадаб тIасарахъ

ЗЕРКА́ЛЬЩИК *м* матIабазул устар

ЗЕРНИ́СТ//ЫЙ, -ая, -ое мугъ гIемераб; салъаб; гарахараб, мугьахараб; **~ое строе́ние** гарахараб (мугьахараб) гIуцIи; **~ая икра́** мугьахараб икра

ЗЕРНО́ *с* 1) мугъ; **ячме́нное ~** пурчIинадул мугъ; **ко́фе в зёрнах** могьолаб кофе 2) *собир.* (*хлеб*) хIалухъин, тIорщел 3) (*отдельная частица чего-л.*) зарра 4) *перен.* (*ядро, зародыш чего-л.*) аслу, аслияб бутIа; **рациона́льное ~** пайдаяб, гIакълуялда рекъолеб бутIа

ЗЕРНОВ//О́Й, -а́я, -о́е **1.** могьол(аб); **~о́й совхо́з** могьолал хIалухъабазул (хIалухъаби гIезарулеб) совхоз; **~ы́е культу́ры** могьолал культураби **2.** *в знач. сущ. мн.* **~ы́ е** тIорщел, хIалухъаби

ЗЕРНОДРОБИ́ЛКА *ж* мугъ хъурулеб машина (*хIайваналъе кIалцIуе*)

ЗЕРНООТХО́ДЫ *мн* боцIуе ва гIанкIу-хIелекоялъе балеб жо (*лал тIамун хутIараб*)

ЗЕРНООЧИСТИ́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое тIорщел бацIцIад гьабулеб; **~ая маши́на** тIорщел бацIцIад гьабулеб машина

ЗЕРНООЧИ́ СТКА *ж* тIорщел бацIцIад гьаби

ЗЕРНОПОГРУ́ ЗЧИК *м* тIорщел буххулеб механизм (*машина*)

ЗЕРНОПОСТА́ВКА *ж* тIорщел кьей (*пачалихъалъе ва ц. бичун*)

ЗЕРНОСОВХО́З *м* тIорщалил совхоз, тIорщел гIезабулеб совхоз

ЗЕРНОСУШИ́ ЛКА *ж* тIорщел бакъвазабулеб машина

ЗЕРНОУБО́РОЧНЫЙ, -ая, -ое тIорщел (хIалухъен) бакIарулеб; **~ комба́йн** тIорщел бакIарулеб комбайн

ЗЕРНОХРАНИ́ ЛИЩЕ *с* тIорщел (хIалухъен) цIунулеб бакI (склад); **постро́ить ~** тIорщел (хIалухъен) цIунулеб бакI базе

ЗЁРНЫШКО *с уменьш. от* **зерно́**

ЗИГЗА́Г *м* **1.** (*ломанная линия*) кIичI-кIичIараб мухъ; **черти́ть ~и** кIичI-кIичIараб мухъ бахъизе, цIазе **2.** *в знач. нареч.*: **~ом, ~ами** кIичI-кIичIун (*ине*)

ЗИМ//А́ *ж* кьин, хасел; **на́ зиму** хасалие, (кьиндалие); **про́шлой ~о́й** араб хасало (кьиндал) ◊ **ско́лько лет, ско́лько зим!** чан лъагIел сверараб, кигIан замана араб! *(рихьичIелдаса)*

ЗИ́ МН//ИЙ, -яя, -ее хасалил, кьиндалил; **~яя оде́жда** хасалил (хасало ретIунеб) ретIел

ЗИМОВА́ТЬ *несов. в разн. знач.* хасел тIамизе

ЗИМО́ВКА *ж* **1.** (*по гл.* **зимова́ть**) хасел (кьин) тIами **2.** (*место*) хасел (кьин) тIамулеб бакI

ЗИМО́ВЩИК *м* хасел (кьин) тIамун, цо бакIалда чIарав чи

ЗИМО́ВЩИЦА *ж* хасел (кьин) тIамун, цо бакIалда чIарай гIадан

ЗИМО́Й *нареч.* хасало, кьиндал

ЗИМОСТО́ЙК//ИЙ, -ая, -ое хасел (кьин) хIехьолеб; хасало квачалъ хвезабулареб; **~ие сорта́ я́блонь** гIечугъутIбузул хасел хIехьолел сортал

ЗИЯ́ //ТЬ *несов.* рагьун бихьизе, берда цебе лъезе (*щибниги рагьараб жо: каратI, кIалтIу, горду, нуцIа ва ц.*); **~ла ра́на** бихьулеб букIана рагьараб ругъун

ЗЛА,[1] злу *и т.д. род., дат.п. и т.д. от* **зло**[1]

ЗЛА[2] *кратк. ф. от* **зла́я** (*см.* **злой**)

ЗЛА́КИ *мн.* (*ед.* **злак** *м*) *бот.* могьолал, тIоролал (тIор бижулел) хурдул (*культуриял ва культуриял гурел*)

ЗЛА́КОВ//ЫЙ, -ая, -ое: **~ые культу́ры** могьолал (тIоролал, тIор бижулел) культураби

ЗЛАТОГЛА́ВЫЙ, -ая, -ое бетIер меседилаб, тIох меседилаб

ЗЛЕ́ЙШИЙ, -ая, -ее *превосх. от к* **злой; ~ враг** бищунго ццидалав тушман

ЗЛИТЬ *несов. кого-что* ццин бахъинабизе, ццидахинабизе; **~ соба́ку** гьой ццидахинабизе; **не зли меня́** дир ццин бахъинабуге

ЗЛИ́ ТЬСЯ *несов.* ццин бахъине, ццидахине

ЗЛО[1] *с* 1) ццин, квешлъи, зарар; **отплати́ть ~м за добро́** лъикIлъиялъухъ квешлъи гьабизе (лъикIлъиялъе квешлъиялдалъун жаваб кьезе) 2) (*беда, неприятность*) балагъ; талихIкьин, талихI-къосин; **из двух зол вы́ брать ме́ньшее** кIиго балагъалъул гьитIинабаб тIаса бищизе 3) (*досада*) рекIеда унти, рекIеда бай; **сде́лать** *что-л.* **со зла** ццин бахъиналъ *щибниги жо* гьабизе

ЗЛО[2] *нареч.* ццидахун, ццидакьго; **~ смея́ться** ццидахун велъизе

ЗЛО́Б//А*ж* рокьукълъи, тушманлъи; **затаи́ ть ~у про́тив** *кого-л. лъидехуннигu* бугеб рокьукълъи рекIелъ цIунизе ◊ **~а дня** гьабсагIат киназулго бищунго кIвар (интерес) буссараб жо

ЗЛО́БН//ЫЙ, -ая, -ое ццидал цIурав; **~ враг** ццидал цIурав тушман; **~ взгляд** ццидал цIураб балагьи

ЗЛОБОДНЕ́ВНОСТЬ *ж* гьабсагIат кIвар (интерес) букIин

ЗЛОБОДНЕ́ВНЫЙ, -ая, -ое гьабсагIат кIвар (интерес) бугеб; **~ вопро́с** гьабсагIат кIвар (интерес) бугеб суал

ЗЛО́БСТВ//ОВАТЬ *несов.* ццидахине, ццин бахъине; **враг ~ует** тушман ццидахунев вуго

ЗЛОВЕ́Щ//ИЙ, -ая, -ее квешалъе (ричIчIалъе) бугеб, балагъалда цебесеб; **~ий го́лос** ричIчIалъе ргIулеб гьаракь; **~ий при́знак** балагъалъул гIаламат; **~ая тишина́** балагъалда цебесеб сасин

ЗЛОВО́НИЕ *с* квешаб махI, махIцел

ЗЛОВО́НН//ЫЙ, -ая, -ое махIцараб, махI квешаб; **~ая лу́жа** махIцараб хIорчIел

ЗЛОВРЕ́ДНЫЙ, -ая, -ое квешав, ракI чIегIерав, нахIсав, чияе зиян бокьулев; **~ челове́к** нахIсав (квешав) чи

ЗЛОДЕ́Й *м* хIарамзада, квешлъи гьабулев чи

ЗЛОДЕ́ЙСКИЙ, -ая, -ое хIарамзадаясе хасиятаб, такъсирияб; **~ за́мысел** хиянатаб, такъсирияб пикру (мурад)

ЗЛОДЕЯ́НИЕ *с* квешлъи (пасалъи, хIарамзадалъи) гьаби

ЗЛОЙ, -ая, -ое 1) ццидалаб; **~ челове́к** ццидалав чи 2) (*жестокий*) гурхIел, рахIму гьечIев; **~ враг** рахIму гьечIев тушман 3) (*свирепый*) цIакъго ццидалаб; **злая соба́ка** цIакъго ццидалаб гьой 4) *разг.* бухI-бухIизабулеб, кIал бухIизабулеб; **злая горчи́ца** бухI-бухIизабулеб горчица ◊ **злые языки́** мацIихъаби, бугьтанчагIи

ЗЛОКА́ЧЕСТВЕНН//ЫЙ, -ая, -ое цIакъ заралияб, хвалил хIинкъи бугеб; **~ая о́пухоль** хвалил хIинкъи бугеб гьорой

ЗЛОНАМЕ́РЕННЫЙ, -ая, -ое квешаб хиялалъул, хиял (нигат, къасд) квешаб; **~ посту́пок** ургъунго квешаб нигаталда гьабураб иш

ЗЛОПА́МЯТНЫЙ, -ая, -ое квешлъи кIочонарев; **~ челове́к** квешлъи кIочонарев чи

ЗЛОПОЛУ́ЧНЫЙ, -ая, -ое талихI къосараб (къараб), баракат бахъараб, битI ккечIеб; **~ день** талихI къараб къо

ЗЛОПЫХА́ТЕЛЬ *м* ццидахун гIайибал рикIулев чи, ццидахун багьнал ралагъулев чи

ЗЛОПЫХА́ТЕЛЬСКИЙ, -ая, -ое ццидахун гIайибал рикIулеб, ццидахун ба́гьнал ралагъулеб (гьарулеб)

ЗЛОПЫХА́ТЕЛЬСТВО *с* ццидахун гIайибал рикIи, ццидахун багьнал ралагьи (гьари)

ЗЛОПЫХА́ТЕЛЬСТВОВАТЬ *несов.* ццидахун багьнал рикIизе, ццидахун багьнал ралагьизе (гьаризе)

ЗЛОРА́ДНЫЙ, -ая, -ое чияе ккараб квешлъиялдаса вохулев

ЗЛОРА́ДСТВО *с* чияе ккараб квешлъиялдаса вохи

ЗЛОРА́ДСТВОВАТЬ *несов.* чияе ккараб квешлъиялдаса вохизе

ЗЛОСЛО́ВИЕ *с* нахъасан какдей (кIалъай); бугьтан лъей; мацI гьаби

ЗЛОСЛО́ВИТЬ *несов.* нахъасан какизе, бугьтан лъезе, мацI гьабизе

ЗЛО́СТНЫЙ, -ая, -ое 1) (*злонамеренный*) ургъунго (квешезего) гьабураб; **~ наруши́тель дисципли́ны** квешезего гIадлу хвезабурав чи 2) (*неисправимый*) квешлъи чорхолъ бессарав, витIизавизе кIоларев; **~ престу́пник** квешлъи чорхолъ бессарав такъсирчи

ЗЛОСТЬ *ж* ццидаллъи; ццин бахъин; **говори́ть со ~ю** ццин бахъун, кIалъазе

ЗЛОСЧА́СТН//ЫЙ, -ая, -ое талихI къосараб (къараб), насиб гьечIеб; **~ая любо́вь** насиб гьечIеб рокьи, талихI къараб рокьи

ЗЛО́ТЫЙ *м* злотый (*Польшаялъул гIарцул роцен*)

ЗЛОУМЫ́ШЛЕННИК *м уст.* ургъунго квешлъи гьабулев чи

ЗЛОУПОТРЕБИ́ТЬ *сов. чем* жиндир хIалкIолъи зараралъе хIалтIизабизе, бегьулареб (гьукъараб) иш гьабизе; **~ дове́рием** божел (божилъи) зараралъе хIалтIизабизе

ЗЛОУПОТРЕБЛЕ́НИЕ *с* жиндир хIалкIолъи заралалъе хIалтIизаби, бегьулареб (гьукъараб) иш гьаби

ЗЛОУПОТРЕБЛЯ́ТЬ *несов. см.* **злоупотреби́ть**

ЗЛОЯЗЫ́ЧНЫЙ, -ая, -ое кIал квешав

ЗЛЮ́КА *м* и *ж разг.* ццидахIелеко

ЗЛЮ́ЩИЙ, -ая, -ее *разг.* цIакъ ццидалав, ццидал цIурав

ЗМЕЕВИДНЫЙ, -ая, -ое борохь гIадаб, борхьида релъъараб

ЗМЕЕВИ́К *м* 1) къур-къурараб (пружина гIадаб) мащу (*хIухьлал лъамалъи лъугьинабизе хIалтIизабулеб*) 2) *мин.* змеевик (*гIурччинаб кьералъул порода (минерал*) 3) *бот.* цидумалъ

ЗМЕЁНЫШ *м* борхьитIинчI

ЗМЕЕОБРА́ЗН//ЫЙ, -ая, -ое борохь гIадаб кIичI-кIичIараб; **~ая доро́га** борохь гIадаб кIичI-кIичIараб нух

ЗМЕИ́НЫЙ, -ая, -ое борхьил(аб)

ЗМЕЙ *м* 1) (*сказочное чудовище*) аздагьо 2) (*бумажный*) змей (*кагътиборохь, лъималаз боржине биччалеб*)

ЗМЕЯ́ *ж* 1) борохь; **ядови́тая ~** загьруяб борохь 2) *перен.* (*о человеке*) хиянатав (макруяв) чи, борохь

ЗНАК *м* 1) гIуж; гIаламат; **опознава́тельные ~и** ратIа гьаризе (рахъизе) лъаялъе рарал гIужал; **молча́ние – ~ согла́сия** гIенеккун чIей – разилъиялъул гIаламат 2) (*клеймо*) мугьру, дангъва; **фи́рменный ~** фирмаялъул мугьру 3) *грам.* ишара; **вопроси́тельный ~** суал ишара; **восклица́тельный ~** ахIул ишара; **~и препина́ния** лъалхъул ишараби 4) (*сигнал*) ишара; **подава́ть ~и руко́й** квералъ ишараби гьаризе ◊ **в ~ чего-л.** хIужалъун, гIаламатлъун; **в ~ дру́жбы** гьудуллъиялъул хIужалъун (гIаламатлъун); **в ~ проте́ста** дандечIеялъул гIаламатлъун

ЗНАКО́МИТЬ *несов.* 1) *кого с кем* лъай-хъвай гьабизе (ккезабизе); **~ с но́вым сотру́дником** цIияв хIалтIухъанасулгун лъай-хъвай ккезабизе 2) *кого с кем* (*ознакомлять*) бихьизабун лъазабизе; **~ с де́лом** иш (хIалтIи) бихьизабун лъазабизе

ЗНАКО́МИТЬСЯ *несов.* 1) *с кем* лъай-хъвай гьабизе (ккезе, лъугьине); **~ с но́выми това́рищами** цIиял гьалмагъзабазулгун лъай-хъвай гьабизе (ккезе, лъугьине) 2) *с чем* бихьун лъазе (*щибниги жо*); **~ с де́лом** иш (хIалтIи) бихьун лъазе

ЗНАКО́МСТВ//О *с* 1) лъай-хъвай; **возобнови́ть ста́рое ~о** басрияб лъай-хъвай цIи гьабизе; **по ~у** лъай-хъваялдалъун 2) (*круг знакомых*) лъалелщинал чагIи, лъалел чагIазул къокъа; **у него́ больши́е ~а** досул лъай-хъвай кIудияб буго, досул лъалел чагIи гIемер руго 3) *с чем щибниги жо* лъай; **~о с се́льским хозя́йством** росдал магIишат лъай

ЗНАКО́М//ЫЙ, -ая, -ое **1.** лъалеб; лъай-хъвай бугеб; **~ое ме́сто** лъалеб бакI; **он хорошо́ ~ с ру́сской литерату́рой** досда гIурус литература лъикI лъала **2.** *в знач. сущ.* **~ый** *м,* **~ая** *ж* лъалев чи, лъалей гIадан; **у него́ мно́го ~ых** досул лъалел чагIи гIемер руго

ЗНАМЕНА́ТЕЛ//Ь *м мат.* знаменатель, жиндебикь; **привести́ к о́бщему (одному́) ~ю** гIаммаб знаменатель (жиндебикь) батизе

ЗНАМЕНА́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое 1) машгьураб, цIар ргIараб (араб); **~ое собы́тие** машгьураб лъугьа-бахъин 2) *грам.* жибго жиндаго чIараб; **~ые ча́сти ре́чи** жалго жидедаго чIарал каламалъул бутIаби

ЗНАМЕНИ́ТОСТЬ *ж* 1) цIар ргIи (ин), машгьурлъи 2) машгьурав (цIар арав) чи; **стать ~ю** машгьурав чилъун лъугьине

ЗНАМЕНИ́ТЫЙ, -ая, -ое машгьурав, цIар арав (ргIарав); **~ поэ́т** машгьурав шагIир

ЗНАМЕН//ОВА́ТЬ *несов. что* бихьизабизе, нугIлъи гьабизе, лъазабизе, бицине; **э́то ~у́ет на́шу побе́ду** гьелъ нугIлъи гьабула нилъер бергьенлъиялъе

ЗНАМЕНО́СЕЦ *м* байрахъулав, байрахъчи; **~ ми́ра** ракълил байрахъулав

ЗНА́М//Я *с* (*мн.* **~ёна**) *в прям. и перен. знач.* байрахъ; **кра́сное ~я** багIараб байрахъ; **о́рден Кра́сного зна́мени** БагIараб байрахъалъул орден; **водрузи́ть ~я побе́ды** бергьенлъиялъул байрахъ чIвазе; *перен.* **под зна́менем** *кинаб бугониги* лозунгалда гъоркь *(лозунггун)*

ЗНА́НИ//Е *с* 1) (*осведомленность*) лъай; **~е языка́** мацI лъай; **~е де́ла** иш (хIалтIи) лъай; **получи́ть в шко́ле про́чные ~я** школалда щулияб лъай щвезе 2) (*наука*) гIелму; **тя́га к ~ю** гIелмуялде бугеб цIай

ЗНА́ТНЫЙ, -ая, -ое 1) *уст.*: **~ род** къадру борхатаб тухум 2) машгьурав, цIар ргIарав (арав); **~ трактори́ст** машгьурав трактористр

ЗНАТО́К *м* лъикI (ргIа-ракьанде щун) лъалев чи; **~ своего́ де́ла** жиндирго иш лъикI лъалев чи; **большо́й ~ литерату́ры** литература лъикI лъалев чи

ЗНА//ТЬ[1] *несов.* 1) *кого-что о ком-чем в разн. знач.* лъазе; **~ть матема́тику** математика (хIисаб гIелму) лъазе; **~ть своё де́ло** жиндирго иш лъазе; **~ть о наме́рениях проти́вника** дандеясул нига-

тал (къасдал) лъазе; **~ть в лицо́** гьумер лъазе; **он ~ет его́ с де́тства** досда гьев лъимераб мехалдасанго лъала; **не ~ть стра́ха** хIинкъи лъангутIизе; **не ~ть поко́я** рахIат лъангутIизе 2) бихьизе; **в де́тстве я ~л мно́го го́ря** лъимерлъуда дида гIемер къварилъи бихьана ◊ **кто его́ ~ет** лъаларо, лъиданиги лъаларо; **~ть своё ме́сто** жиндирго бакI лъазе (жиндирго даражаялда рекъон, иш гьабизе); **~ть це́ну** къимат лъазе (жиндирго ресазе, бажариялъе битIун къимат кьезе)

ЗНАТЬ[2] *ж собир.* тIадегIанаб классалъулал, тIаса рищарал гIадамал, аристократал

ЗНА́ТЬСЯ *несов. с кем-чем разг.* лъай-хъвай букIине, кидагосеб бухьен (гьоркьоблъи) букIине; **ни с кем не жела́ет ~** лъилгуннигн бухьен (гьоркьоблъи) букIине бокъун гьечIо

ЗНА́ХАРКА *ж* ракъдал тохтур (гьереси тохтир)

ЗНА́ХАРСТВО *с* гьереси тохтурлъи

ЗНА́ХАРЬ *м* ракъдал тохтир

ЗНАЧЕ́НИЕ *с* 1) (*смысл*) магIна; **~ сло́ва** ргIул магIна 2) (*важность*) кIвар; **борьба́ наро́дов за мир име́ет ва́жное полити́ческое ~** халкъал ракълие гIоло къеркьеялъул кIудияб политикияб кIвар буго

ЗНА́ЧИМ//ЫЙ, -ая, -ое магIна бугеб, магIнаяб; **~ые слова́** магIна бугел ргIаби

ЗНА́ЧИТ *вводн. сл.* гьелъул магIна ккола; гьедин батани; **~, ты уезжа́ешь** гьедин батани, мун унев вугоха

ЗНАЧИ́ ТЕЛЬНО *нареч.* гIезегIан, лъикIаланго; **больно́й сего́дня ~ лу́чше** унтаралъе жакъа гIезегIан лъикI буго (унтарай лъикI йиго)

ЗНАЧИ́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое 1) гIезегIанасеб, гIураб къадаралъул, кIудияб; **~ые успе́хи** кIудиял бергьенлъаби 2) (*важный*) кIвар бугеб; **~ые слова́** кIвар бугел ргIаби; **игра́ть ~ую роль** кIвар бугеб роль хIазе

ЗНА́ЧИ//ТЬ *несов.* магIна (кIвар) букIине; **э́то мно́го ~ит** гьелъул кIудияб кIвар буго; **ничего́ не ~т** гьелъул щибго магIна (кIвар) гьечIо

ЗНА́ЧИ//ТЬСЯ *несов.* (*напр. в списке*) букIине; бугеблъун рикIкIине; **он ~тся в спи́сках** дов сияхIалда вуго; **ты ~шься в отпуске** мун отпускалда вугевлъун рикIкIуна

ЗНАЧО́К *м* значок; **комсомо́льский ~** комсомолазулаб значок

ЗНА́ЮЩИЙ, -ая, -ее иш (жо) лъалев; **о́пытный, ~ инжене́р** хIалбихьи бугев, иш лъалев инженер

ЗНОБИ́ //ТЬ *несов. кого-что безл.* гъаргъар щвезе, сири бачIине (базе); **меня́ ~т** диде гъаргъар щун буго

ЗНОЙ *м* кутакаб багIари, бухIи, лагьи

ЗНО́ЙНЫЙ, -ая, -ое бухIараб, багIарараб, лагьараб; **~ день** багIарараб къо

ЗОБ *м* 1) (*у птицы*) мукъур 2) *мед.* мукъур лъугьин (*унти*)

ЗОБА́СТЫЙ, -ая, -ое мукъур кIудияб

ЗОВ *м* ахIи, ахIи бай; **отклика́ться на ~** ахIиялъе жаваб кьезе; **яви́ ться по пе́рвому ~у** тIоцебесеб ахIиялъухъе вачIине

ЗОВУ́ (СЬ), зовёшь(ся) *и т.д. наст. от* **зва́ть(ся)**

ЗО́ДЧЕСТВО *с архит.* архитектура (*минаби раялъул искусство*)

ЗО́ДЧИЙ *м* архитектор

ЗОЛ[1] *род. п. мн. от* **зло**[1]

ЗОЛ[2] *кратк. ср. от* **злой**

ЗОЛ//А́ *ж* рахъу; **выгреба́ть ~у из пе́чки** печалъуса рахъу бахъизе

ЗОЛО́ВКА *ж* росасул яц, якьад яс

ЗОЛОТИ́СТ//ЫЙ, -ая, -ое меседилкьераб; **~ые во́лосы** месседилкьераб рас (кар)

ЗОЛОТИ́//ТЬ *несов. что* 1) тIаде месед биччазе, меседил лъим биччазе; **~ть ло́жки** балхъазда тIаде месед биччазе 2) (*освещая, придавить золотистый оттенок*) меседил кьер лъугьинабизе (чIвазабизе); **со́лнце ~т лес** бакъуца рохьалда меседил кьер чIвазабулеб буго

ЗОЛОТ//И́ ТЬСЯ *несов.* 1) (*становиться золотистым*) меседил кьер чIвазе; **рожь ~и́тся** абгида меседил кьер чIван буго 2) (*виднеться – о золотистом*) меседилкьераблъун бихьизе; **вдали́ ~я́ тся пески́** рикIкIада меседилкьераблъун бихьула салул авлахъ

ЗОЛОТНИ́К *м* мискъал (*4,26 грамм цIавуда бугеб некIсияб роцен*) ◊ **мал ~, да до́рог** жибго гьитIинаб бугониги, гьунар кIудияб буго

ЗО́ЛОТ//О *с* 1) *в прям. и перен. знач.* месед; **чи́стое ~о** бацIцIадаб месед 2) *собир.* (*золотые изделия*) меседил къайи 3) (*позолоченные шелковые нити*) меседкун; **шить ~ом** меседкуналъ угьине 4) *собир.* (*золотые монеты*) меседгIарац ◊ **на вес ~а** цIакъ хирияб багьаялда

ЗОЛОТОИСКА́ТЕЛЬ *м* меседил магIдан балагьулев чи, месед бахъулев чи

ЗОЛОТ//О́Й, -ая, -о́е **1.** *в прям. и перен. знач.* меседил; **~о́е кольцо́** меседил баргъич; **~ы́е ру́ки** меседил кверал **2.** *в знач. сущ.* (*деньги*) меседил анцIго гъурущ **3.** (*цвета золота*) меседилкьераб; **~ы́е ку́дри** меседилкьераб рас (кар) **4.** талихIаб, парахатаб; **~а́я пора́** талихIаб (парахатаб) заман **5.** хирияв, вокьулев; **~о́й мой!** дир хирияв! ◊ **~а́я молодёжь** кепалда заман тIамулел гIолохъаби (*бечедал чагIазул лъимал*); **~а́я сва́дьба** ригьин гьабуралдаса кIикъоялда анцIго сон тIубаялъул къо; **~а́я середи́на** цIодораб бакьулъльи

ЗОЛОЧЁНЫЙ, -ая, -ое меседил лъим кьураб, тIаде месед биччараб, меседил кьер гьабураб

ЗО́НА *ж* бакI, ракь, зона; **леснáя ~** рохьил зона; **пограничная ~** гIурхъидул зона (гIурхъаби ругеб бакI)

ЗОНД *м* зонд (**1.** *ургьимесалъул ва ц. жанибльиялъул хал гьабизе хIалтIизабулеб алат* **2.** *метеорологиялда хIалтIизабулеб гьаваялъул шар*)

ЗОНДИ́РОВАТЬ *несов. кого-что* 1) (*исследовать зондом*) зондалъул кумекалдалъун цIех-рех гьабизе 2) цебеккунго баян гьабизе, цIеха-рехон лъазабизе, хIадурлъи гьабун тезе ◊ **~ по́чву** цебеккунго хIадур гьабун, къачIан, лъазабун тезе

ЗОНТ *м* 1) *см.* **зо́нтик** 2) (*навес*) тIадхъел (*кIалтIуялда, расаялда ва ц. тIад гьабураб*)

ЗО́НТИК *м* чадир; **раскры́ ть ~** чадир ргьизе

ЗООЛО́Г *м* зоолог (*зоологиялъул специалист*)

ЗООЛО́ГИЯ *ж* зоология (*хIайваназул яшав лъазабулеб гIелму*)

ЗООПА́РК *м* зоопарк (*гIалхул хIайваназул парк*)

ЗООТЕ́ХНИК *м* зоотехник

ЗООТЕ́ХНИКА *ж* зоотехника (*боцIи хьихьиялъул хIакъалъулъ бугеб гIелму*)

ЗО́РИ *им. и вин. п. мн. от* **заря́**

ЗО́РК//ИЙ, -ая, -ое *в прям. и перен. знач.* цIодораб; **~ие глаза́** цIодорал берал; **~ий ум** цIодораб, бегIераб гIакълу

ЗО́РКО *нареч.* цIодорго; кIвар кьун; **~ следи́ ть** цIодорго хал ккквезе

ЗО́РКОСТЬ *ж в прям. и перен. знач.* цIодорлъи; **~ гла́за** бер цIодорлъи

ЗРАЧО́К *м* ясбер

ЗРЕ́ЛИЩЕ *с* 1) (*то, что представляется взору*) берда бихьулеб жо, бер жинде буссинабулеб жо, берда цебе бугеб жо; сурат 2) (*представление*) сценаялда *ва ц.* бихьизабулеб жо

ЗРЕ́ЛОСТ//Ь *ж* 1) барщи, цIубай; **~ь виногра́да** цIибил барщи 2) (*возмужание*) балугъльи; **дости́ гнуть ~и** балугъльиялде вахине, балугъльизе 3) *перен.* (*высокая степень развития*) камиллъи, щвалде щвей ◊ **аттеста́т ~и** балугъльиялъул аттестат (*гьоркьохъеб школа лъугIиялъул аттестат*)

ЗРЕ́Л//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*спелый*) барщараб; **~ое я́ блоко** барщараб гIеч 2) (*возмужалый*) балугъларав; **~ый челове́к** балугълъарав гIадан (чи) 3) (*достигший полного развития*) щвалде щвараб, камиллъараб; **~ый учёный** камилав гIалимчи

ЗРЕ́НИ//Е *с* берзул нур, канлъи, бихьи, канлъи бихьи; **потеря́ть ~** канлъи босизе ◊ **обма́н ~я** батIайиса бихьи, бер гукки; **по́ле ~я** тIаде бер щолеб бакI; **то́чка ~я** *сундулниги* хIакъалъулъ хасаб пикру, *сундехунниги* бугеб бербалаги

ЗРЕ//ТЬ *несов.* 1) барщизе; **я́ блоки ~ют** гIеч барщулеб буго 2) *перен.* (*развиваясь, крепнуть*) камиллъизе, щвалде щвезе

ЗРИ́ МЫЙ, -ая, -ое берда бихьулеб, жиб бихьулеб

ЗРИ́ ТЕЛЬ *м* балагьулев, балагьулев чи, хал гьабулев чи

ЗРИ́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое 1) канлъул, бихьул, берзул; **~ый нерв** канлъул (берзул) нерв; **~ая па́мять** бихьараб ракIалда цIуни

(чIей) 2) (*для зрителей*) балагьизе (балагьулезе) бугеб; **~ый зал** балагьизе (балагьулезе) бугеб зал

ЗРЯ *нареч. разг.* гIадада, чIалгIаде; **~ тра́тить де́ньги** гIадада гIарац хвезабизе

ЗРЯ́ЧИЙ, -ая, -ее канлъи бихьулев (бугев), берзул канлъи бугев

ЗУБ *м* 1) (*мн.* **зу́бы**) ца, гIус, гожо; **пере́дние ~ы** цересал цаби; **коренно́й ~** гIус; **~ му́дрости** хIалагIус 2) (*мн.* **зу́бья**) гажал; **~ья пилы́** хъухъадироялъул гажал ◊ **~ на ~ не попада́ет** квачаялъ, хIинкъиялъ сири бан буго; **держа́ть язы́к за ~а́ми** кIалги кьан чIезе, кIал богIое тезе; **точи́ть ~ы** *на кого-л.* заралалъе ургъизе (*лъиениги*), рекIелъ щин цIунизе (*лъидениги*)

ЗУБА́СТЫЙ, -ая, -ое 1) гажал чIахIияб 2) *перен.* (*дерзкий*) кIал квешав, хIанчIарулев, мацI бегIерав

ЗУБ//Е́Ц 1) (*у граблей и др.*) гIучI, бурди; **~цы́ гра́блей** кьохорходул гIучIал (бурдаби) 2) (*у пилы*) гожо; **~цы́ пилы́** хъухъадироялъул гажал 3) (*у гор*) хъинс; **~цы́ гор** мугIрузул хъинсал 4) (*у стены*) хъалаялъул къадал къотIелал; **стена́ с ча́стыми ~ца́ми** ризго тIад къотIалаби ругеб къед

ЗУБИ́ ЛО *с* лълъини

ЗУБН//О́Й, -а́я, -о́е цабзазул; **~о́й врач** цабзазул тохтир; **~о́й порошо́к** цабзазул порошок; **~а́я боль** цабзазул унти

ЗУБОВРАЧЕ́БНЫЙ, -ая, -ое цаби сахлъизарулеб; цабзазе дару гъабулеб; **~ кабине́т** цаби сахлъизарулеб кабинет

ЗУБО́К *м* гьитIинаб ца (гожо, гIус) ◊ **подари́ть на ~** цIигьавурасе сайгъат гъабизе; **попа́сть на ~** *кому-л. щивниги* тIад велъизе, *лъицаниги* критика гъабизе

ЗУБОПРОТЕЗИ́РОВАНИЕ *с* цаби-гIусал лъей

ЗУБОСКА́Л *м разг.* кIалквеш, гIадамал махсараде кколев чи, гIадамазда тIад велъизе, гьел инжит гъаризе бокьулев чи

ЗУБОСКА́ЛИТЬ *несов. разг.* махсараде кквезе (*щивниги*), *лъиданиги* тIад велъизе, инжит гъавизе

ЗУБОСКА́ЛЬСТВО *с лъиданиги-сунданиги* тIад велъанхъи, махсараде кквей; инжит гъави

ЗУБОЧИ́СТКА *ж* цаби рикIулеб гIучI

ЗУБР *м зоол.* зубр (*рохьил оц*)

ЗУБРЁЖКА *ж разг.* рекIехъе лъазаби (*магIнаго бичIчIи-чIого*)

ЗУБРИ́ТЬ *несов. что и без доп. разг.* рекIехъе лъазабизе (*магIнаго бичIчIичIого*)

ЗУБЧА́ТКА *ж* (*часть механизма*) механизмалъул гажахараб бутIа

ЗУ́БЧАТЫЙ, -ая, -ое гажахараб, гажал ругеб

ЗУД *м* 1) рукен; **~ во всём те́ле** тIолго черхалде рукен бан буго (тIолго черх букарулеб буго)

ЗУД//Е́ТЬ *несов. разг.* букаризе; **у меня́ ру́ки ~я́т** дир кверал рукарулел руго

ЗУРНА́ *ж муз.* зурма

ЗУРНА́Ч, зурни́ст *м* зурмихъан

ЗЫ́БК//ИЙ, -ая, -ое 1) хьвагIолеб, щванкIолеб; **~ая ло́дка** хьвагIолеб (щванкIолеб) раса 2) *перен.* щулияб гуреб, цо хIалалда чIолареб; **~ое положе́ние** щулияб гуреб (чIимигIаб) хIал

ЗЫБУ́Ч//ИЙ, -ая, -ее *см.* **зы́бкий; ~ие пески́** цо хIалалда чIолерел салул гохIал

ЗЫБЬ *ж* лъадал (гъветI-хералъул) тIалъиялда гIисинабго сорой (гьургьуди)

ЗЫ́КНУТЬ *сов. разг.* 1) *на кого* хъачIго ахIдезе (*лъидениги*) 2) хъачIаб гьаракь гъабизе

ЗЫРЯ́НЕ *мн.* (*ед.* **зыря́нин** *м,* **зыря́нка** *ж*) зырянал (*коми халкъазул цоял*)

ЗЫ́ЧНЫЙ, -ая, -ое зирараб; **~ го́лос** зирараб гьаракь

ЗЮЙД *м мор.* 1) (*юг, южное направление*) къилба, къилбаялъул рахъ 2) *метео.* (*южный ветер*) къилбаялъул (къилбаялдасан пулеб) гьури

ЗЮ́ЙД-ВЕ́СТ *м метео.* къилбаялдасан бакътIерхьудехун пулеб гьури

ЗЮ́ЙД-О́СТ *м метео.* къилбаялдасан бакъбаккуде пулеб гьури

ЗЯ́БКИЙ, -ая, -ое хехго квач ргIулеб

ЗЯ́БЛЕВ//ЫЙ, -ая, -ое хаслихъе бегун тараб (*ракь*); **~ая па́хота** хаслихъе реги (*ракь*)

ЗЯ́БЛИК *м* рохьихIинчI (*хьалбал багIараб*)

ЗЯ́БНУТЬ *несов.* цIоро-гъорозе, бугьине

ЗЯБЬ *ж с.-х.* хаслихъе бегун тараб бакI (*ихдал бекьизелъун*)

ЗЯТЬ *м* дурц

И

И[1] *союз* 1) *соед.* ва; **догна́ть и перегна́ть** хадув гъезе ва цеве ккезе; **он рабо́тает и у́чится** дов хIалтIулев ва цIалулев вуго 2) *перечисл.* -ги; **и днём и но́чью** къадги къасиги; **и мать и оте́ц** эбелги эменги 3) *усилит.* -ха; **и почему́ вы э́того не де́лаете?!** щайха нужеца гьеб гьабулареб?!; **и вы согла́сны?!** нужги разиял ругищ?! 4) *выдел.* ва; **обеща́л прие́хать и прие́хал** вачIине ргIи кьуна ва вачIана 5) *уступ.* -ан, -ниги; **и рад помо́чь, но не могу́** кумек гъабизе бокьилаан, амма (дида) кIоларо 6) *присоед.* -ги; **и он был там** довги вукIана дова ◊ **и так да́лее** (*и т.д.*) ва гьединго цогидабги (ва гь. ц.); **так оно и случилось** ккезеги гьедин ккана гьеб

И[2] *частица усил.* -ги; **я и сам не рад** дунгоги рази гьечIо; **бу́дет и на на́шей у́лице пра́здник** нилъехъеги бачIина рохалил къо, нилъер къотIнобги букIина байрам

И[3] *межд.* вай; **и, по́лно!** вай, гIела!

ИБЕРИ́ЙСКО-КАВКА́ЗСК//ИЙ, -ая, -ое иберияльулгун кавказалъулаб; **~ие языки́** иберияльулгун кавказалъул(ал) мацIал

ИБЕРИ́ЙЦЫ *мн.* ибериял

ИБЕ́РЫ *см.* иберийцы

И́БО *союз книжн.* щай абуни, щай гурелъул; **мы победи́ли, ~ на́ше де́ло пра́вое** нилъ бергьана, щай гурелъул нилъер иш битIараб букIана

И́ВА *ж бот.* рицI, рицIигъветI; **плаку́чая ~** хьоп халатаб рицI

ИВА́Н-ДА-МА́РЬЯ *ж бот.* тIогьилдахIа

ИВА́Н-ЧА́Й *м бот.* иван-чай (*харида цIар*)

ИВНЯ́К *м* 1) (*заросли ивы*) рицIирохь 2) (*ивовые прутья*) рицIил хьопал

И́ВОВ//ЫЙ, -ая, -ое рицIил; **~ые пру́тья** рицIил хьопал; **~ая кора́** рицIил макъар

И́ВОЛГА *ж зоол.* тIогьилхIинчI

ИВРИ́Т *м* иврит (*Израиль пачалихъалда хIалтIизабулеб некIсияб ягьудиязул мацI)*

ИГЛ//А́ *ж* 1) рукIкIен; **шве́йная ~а́** рукъарулеб рукIкIен 2) (*хвоя*) рукIкIнатIамах 3) *мн.* **~ы** рукIкIби; **~ы ежа́** гIужрукъалъул рукIкIби 4) (*острый шпиль здания*) бегIераб тIогь; **Адмиралте́йская ~а** Адмиралтействоялъул бегIераб тIогь

ИГЛИ́СТЫЙ, -ая, -ое зазахараб, рукIкIби гIемераб; **~ ка́ктус** зазахараб (*рукIкIби гIемераб*) кактус

ИГЛООБРА́ЗНЫЙ, -ая, -ое рукIкIен гIадаб, рукIкIада релълъараб

ИГЛОУКА́ЛЫВАНИЕ *с* рукIкIби къазари, рукIкIби къазарун, сахлъизари

ИГНОРИ́РОВАНИЕ *с* (*по гл.* **игнори́ровать**) сан гьабунгутIи, гIин тIамунгутIи, жолъун рикIкIунгутIи, малъикъ гъави

ИГНОРИ́РОВАТЬ *сов. и несов. кого-что* сан гьабунгутIизе, гIин тIамунгутIизе, малъикъ гъавизе, жолъун рикIкIунгутIизе; **~ фа́кты** хIужжаби жолъун рикIкIунгутIизе, хIужжабазул сан гьабунгутIизе; ургъунго бихьичIеб (ргIичIеб) хвел гьабун тезе

И́ГО *с* зулму; **под ~м колониза́торов** колонизаторазул зулмуялда гъоркь

ИГО́ЛК//А *ж см.* **игла́** ◊ **куда́ ~а, туда́ и ни́тка** рукIкIен аралъубе кунги уна; **сиде́ть как на ~ах** цIакъ рахIат хун вукIине, рукIкIбузда тIад чIарав (кIусарав) гIадин, вукIине; **иска́ть ~у в сто́ге се́на** харил гъонолъ рукIкIен балагьизе (батизе рес гьечIеб жо балагьизе)

ИГО́ЛОЧК//А *ж уменьш. от* **игóлка** ◊ **он оде́т с ~и** цIияб, чIухIараб ретIел ретIун буго дос

ИГО́ЛЬНИК *м* рукIкIби цIунулеб (лъолеб) жо

ИГО́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое рукIкIадул; **~ое у́шко** рукIкIадул рорлъи (карат1) ◊ **проле́зть сквозь ~ое у́шко** бокьаралъуве лъугьун бажаризе, бокьаралъубе нух бахъизе

ИГР//А́ *ж* 1) расанди, хIай; **~а́ в мяч** торгIо хIай; **де́тские ~ы** лъималазул расандаби (хIаял); **~а́ в футбо́л** футбол хIай 2) (*на музыкальном инструменте*) бачин (хъвай); **~а́ на скрипке** чагъана хъвай; **~а́ на бараба́не** къали чIвай (бухи) 3) (*исполнение сце-*

нической роли) роль хIай 4) (*блеск, переливы*) паркъей, кенчIей, кунчI-кунчIи, кунчIи; **~á бриллиáнта** брилианталъул кенчIей; **~á свéта** канлъул паркъей 5) (*интриги*) питнаби, хIиллаби ◊ **~á слов** рагIабазул хIай (*цо рагIул чанго магIна букIиналдаса пайда босараб хIай, махсара*); **опáсная ~á** хIинкъи бугеб хIай (расанди); **политúческая ~á** политикияб хIай; **олимпúйские ~ы** олимпиялъулал хIаял; **положéние вне ~ы́** *спорт.* хIай лъалхъизабизе кколеб хIал (*хоккеялъул ва ц. хIаязул къагIидабазда рекъон*)

ИГРÁЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое хIаялъул; хIалел; **~ые кáрты** хIалел кагътал; **~ые кóсти** (хIалел) гIалаби

ИГРÁТЬ *несов.* 1) *во что, на чем* хIазе; **~ в пря́тки** рахчирукъ хIазе; **~ в шáхматы** шахматал хIазе 2) *кого-что, на чем* (*исполнять*) бачине; хъвазе; **~ на гитáре** гитара хъвазе 3) (*выступить на сцене*) роль хIазе; **~ Хлестакóва** Хлестаковасул роль хIазе 4) (*сверкать*) кенчIезе, паркъезе, кунчI-кунчIизе; **в óкнах игрáет сóлнце** гордазда бакъ кенчIолеб (басандулеб) буго 5) (*о вине*)гьакълица асар гьабизе ◊ **~ в великодýшие** мурувалъи бугевлъун хIазе; **~ в загáдки** бицанкIаби чIвазе; **~ в пря́тки** *щивниги* гуккизе, *щибниги лъидасаниги* балъго гьабизе; **~ на нéрвах** ургъунго щин бахъинабизе; **~ пéрвую скри́пку** а) оркестралда аслияб (бетIераб) роль тIубазабизе б) *перен.* (*быть влиятельным*) къадру-ас бугевлъун, аслияв чилъун вукIине; **~ словáми** къасд, мурад бахчизе, ракIалда гьечIеб кIалалъ абизе (бицине)

ИГРÁЮЧИ *нареч. разг.* (*без усилий*) цIакъ бигьаго, захIмат бихьичIого; **он ~ решáет трýдные задáчи** дос цIакъ бигьаго гьарула захIматал масъалаби

И́ГРЕК *м мат.* игрек

ИГРИ́ВОСТЬ *ж* гогьлъи; гогьдари

ИГРИ́В//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*шаловливый*) гIемер басандулеб, басандизе бокьулеб; **~ый котёнок** басандизе бокьулеб катитIинчI 2) (*веселый*) аваданаб; **~ое настроéние** аваданаб хIал 3) (*нескромный*) пахруяв; хIалимлъи, гIодове виччай гьечIев

ИГРúСТ//ЫЙ, -ая, -ое чулчудулеб, полоп бан, чулчудулеб; **~ое винó** чулчудулеб чагъир

ИГРÓК *м* хIалев чи; **~ в футбóле** футболалда хIалев чи

ИГРÝН *м* гIемер басандулеб, басандун чIоларе6 (*катитIинчI ва ц.*)

ИГРÝШЕЧН//ЫЙ, -ая, -ое 1) расанкIабазул; **~ое производ́ство** расанкIабазул производство (расанкIаби гьари) 2) (*очень маленький*) цIакъ гьитIинаб; **~ый автомоби́ль** цIакъ гьитIинаб автомобиль; **~ый дóмик** цIакъ гьитIинаб рукъ

ИГРÝШК//А *ж* 1) расанкIо; **дéтские ~и** лъималазул расанкIаби 2) *перен.* васикIо, ясикIо (*чияр амруялъе мутIигIав чи*); **быть ~ой в чьи́х-то рукáх** лъицаниги малъа-малъараб гьабулевлъун вукIине (*вортамухIумалъун вукIине*)

ИДЕÁЛ *м* 1) идеал (*бищун тIадегIанаб мурад, къасд*); **человéк высóких ~ов** тIадегIанал идеалазул (мурадазул, къасдазул) чи 2) *(образец)* мисал; **~ доброты́** лъикIлъиялъул мисал

ИДЕАЛИЗÁЦИЯ *ж* хIакъикъаталда бугелдаса лъикIаблъун (тIокIаблъун) бихьизаби

ИДЕАЛИЗúРОВАТЬ *сов. и несов. кого-что* хIакъикъаталда бугелдаса лъикIаблъун (тIокIаблъун) бихьизабизе; **~ старúну́** некIозаман, цебесеб тIадегIанаблъун, цIакъго лъикIаблъун бихьизабизе

ИДЕАЛИ́ЗМ *м* 1) *филос.* идеализм 2) хIакъикъат идеаллъизаби (лъикIаблъун, тIокIаблъун бихьизаби) 3) тIадегIанал рухIиял идеалазул рахъ кквей

ИДЕАЛИ́СТ *м* идеалист (I *идеализмалъулаб философиялъул рахъ кколев чи;* 2 *хIакъикъат идеаллъизабун (лъикIаблъун, тIокIаблъун) бихьизабулев чи;* 3 *тIадегIанал рухIиял идеалал ругев чи*)

ИДЕАЛИСТúЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое идеализмалъулаб; **~ая филосóфия** идеализмалъулаб философия

ИДЕÁЛЬНО *нареч. разг.* цIакъ лъикI, хIисаб гьечIого; тIубан(го); **~ чи́стый** тIубан бацIцIадаб; **~ чéстный человéк** кутакалда намус бацIцIадав чи

ИДЕÁЛЬНОСТЬ *ж* идеалияб букIин, идеаллъи

ИДЕÁЛЬНЫЙ, -ая, -ое цIакъ лъикIаб, хIисаб гьечIого, цIакъаб; **~ рабóтник** цIакъ лъикIав хIалтIухъан

ИДЕ́ЙНО-ПОЛИТúЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое идеялъулабгун политикияб; **~ое воспитáние** идеялъулабгун политикияб тарбия кьей

ИДЕ́ЙНОСТЬ *ж* идея буголъи; тIадегIанаб идея букIин

ИДЕ́ЙН//ЫЙ, -ая, -ое 1) идеялъулаб; идеологиялъулаб; **~ая борьбá** идеялъулаб (идеологиялъулаб) къеркьей; **высóкий ~ый у́ровень рабóты** хIалтIул тIадегIанаб идеялъулаб даража; **~ое содержáние кни́ги** тIехьалъул идеялъулаб магIна-хIасил 2) тIадегIанаб идеялъулаб (мурадалъулаб); **~ое искýсство** тIадегIанаб идеялъулаб (мурадалъулаб) искусство

ИДЕНТИФИКÁЦИЯ *ж* цогидалда релъдъинаби, цогояб-лъун рикIкIин

ИДЕНТИФИЦúРОВАТЬ *сов. и несов.* цогидалда релъдъинабизе

ИДЕНТИ́ЧНОСТЬ *ж* тIубан релъдъин, цого гIадаб букIин

ИДЕНТИ́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое тIубан релъдъараб, цого гIадаб, гьединабго; **~ые мнéния** тIубан релъдъарал (цого гIадал) пикраби

ИДЕОГРÁММА *ж* идеограмма, магIнояб хъвавул ишара (*гIаламат, сурат*); хIарпаздалъун гуреб, цо ишараялдалъун (гIаламаталдалъун, сураталдалъун) кинаб букIаниги магIна бихьизаби

ИДЕОГРАФúЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое идеографиялъулаб; **~ое письмó** идеографиялъулаб хъвай-хъвагIай

ИДЕОГРÁФИЯ *ж* идеография, идеограммабаздалъун гьабураб хъвай-хъвагIай

ИДЕÓЛОГ *м* идеолог (*цо кинаб бугониги идеологиялъул рахъ кколев чи*); **~ марксúзма** марксизмалъул идеолог

ИДЕОЛОГИ́ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое идеологиялъулаб; **~ая борьбá** идеологиялъулаб къеркьей

ИДЕОЛÓГИ//Я *ж* идеология; идеябазул система; **буржуазная ~я** буржуазияб идеология; **в óбласти ~и** идеологиялъул рахъалъ

ИДÉ//Я *ж* 1) идея; **~и марксúзма-ленúнизма** марксизма-лъулгун ленинизмалъул идеяби 2) (*основная мысль*) аслияб пикру; **~я романа** романалъул аслияб пикру 3) (*мысль*) пикру; **~я сохранéния и упрóчения ми́ра** рекъел цIунизе ва щула гьабизе бугеб пикру ◊ **навя́зчивая ~я** рекIедаса (ботIролъа) унареб, рекIелъ (ботIролъ) рукъ ккун чIараб пикру

ИДИЛЛИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое 1) *лит.* идиллиялъулаб; ~ **жанр** идиллиялъулаб жанр 2) *перен.* (*безмятежно-спокойный*) ургъел гьечIеб, рахIатаб, парахатаб, талихIаб, саламатаб

ИДúЛЛИЯ *ж* 1) *лит.* идиллия (*тIабигIаталда саламалъи, парахалъи бугеб яшав бихьизабулеб шигIрияб асар*) 2) *перен.* (*счастливое существование*) ургъел гьечIеб (саламатаб, парахатаб, талихIаб) гIумру

ИДИÓМА *ж лингв.* идиома (*гъорлъ ругел рагIабазул щибалъул магIнаялдасан жиндир гIаммаб магIна лъугьунареб рагIабазул дандрай; масала: бер бухьине, ракI хвезе ва гь. ц.*)

ИДИОМÁТИКА *ж лингв.* идиоматика 1) *идиомазул хIакъалъулъ бугеб гIелму;* 2**)** *цо мацIалда ругел киналго идиомал*)

ИДИОМАТúЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое *лингв.* идиоматикияб, идиомияб, идиомалъул(аб); **~ое выражéние** идиомияб калам

ИДИÓТ *м* 1) *мед.* ургьисанго гIакълу мукъсанав чи, гIадалав чи 2) *бран.* гIабдал, ахIмакъ

ИДИОТúЗМ *м* 1) *мед.* идиотлъи (*ургьисанго гIакълу мукъсанлъи, гIадаллъи*) 2) *разг.* гIадаллъи, ахIмакълъи

ИДИÓТКА *ж* гIабдал, ахIмакъ

ИДИÓТСК//ИЙ, -ая, -ое 1) *мед.* гIабдаласулаб; **~ое выражéние лицá** гIабдаласулаб куц-бегI 2) *бран.* ахIмакъаб, гIабдаласул гIадаб

ИДИÓТСТВО *с разг.* ахIмакълъи, гIадаллъи, магIна гьечIолъи; гIадалаб, ахIмакъаб иш

ИДТИ́ *несов.* 1) ине, вилъине; **~ бы́стро** хехго ине (вилълъине); **~ мéдленно** гьаругьинан ине (вилълъине); **~ пешкóм** лъелго ине (вилълъине); **~ в атáку** гьужумалъ ине; **~ на охóту** чанаве ине; **~ лéсом** рохьосан ине; **~ в гóсти** гьоболлъухъ ине; **лóшадь идёт шáгом** чу билълъун унеб буго 2) (*об отправлении поезда и т. п.*) къватIибе бахъине, бахъине; **пóезд идёт в пять часóв** поезд къватIибе бахъуна (уна) сагIат щугоялда 3) ине, … заман (*къо, сагIат, моцI ва ц.*) базе; **посы́лка из Москвы́ в Ленингрáд идёт три дня** Москваялдаса Ленинградалде посылка щвезе лъабго къо бала, Москваялдаса Ленинградалде посылка лъабго къоялъ уна 4) (*пролегать*) ине; букIине; **дорóга идёт лéсом** нух рохьосан буго, нух рохьосан унеб буго 5) *прям. и перен.* (*при-*

ближаться) ба-чIине; **по́езд идёт!** поезд бачIунеб буго! **весна́ идёт!** их бачIунеб буго! 6) (*течь*) чвахизе, ине; **вода́ хорошо́ идёт** лъим лъикI чвахулеб (унеб) буго 7) (*входить, влезать*) жаниб къазе, къан ине; **гвоздь легко́ идёт в до́ску** хъорщолъе магI бигьаго къан унеб буго 8) (*распространяться*) бачIине; тIибитIизе; **из трубы́ идёт дым** тIалаялъусан кIкIуй бачIунеб буго; **от цвето́в идёт прия́тный за́пах** тIугьдуздасан лъикIаб махI тIибитIулеб (бачIунеб) буго 9) (*поступать куда-л.*) *кивениги* лъугьине; **~ в университе́т** университеталде лъугьине 10) (*о времени*) ине; **иду́т дни, неде́ли** кьоял, анкьал унел руго; **шёл седьмо́й час** анкьабилеб сагIат унеб букIана; **вре́мя идёт бы́стро** заман хехго унеб буго 11) (*о механизмах*) хIалтIизе; **часы́ иду́т то́чно** сагIат битIун хIалтIулеб буго 12) (*об осадках*) базе; **идёт снег** гIазу балеб буго; **вчера́ шёл дождь** сон цIад балеб букIана 13) букIине, унеб букIине; **сего́дня в теа́тре идёт но́вая пье́са** жакъа театралда цIияб пьеса унеб буго 14) (*делать ход в игре*) ине, ход гьабизе; **вам ~** мун ине ккола, ход дуца гьабизе ккола; **~ с ко́зыря** *карт.* оменалдасан ине; **~ фе́рзем** *шахм.* ферзалдалъун (ферзалдасан) ине (ход гьабизе) 15) *безл.* (*требоваться*) ине; кьваригIине; **на э́то пла́тье идёт мно́го материа́ла** гьаб гурдеялъе гIемер ххам уна (кьваригIуна) 16) (*подходить*) рекъезе, рекъон ккезе; **э́тот костю́м ему́ идёт** гьаб (гьеб) костюм досда рекъолеб буго 17) (*доставляться*) ба-чIине, босун бачIине; **чай идёт с Кавка́за** чай Кавказалдаса ба-чIуна 18) *перен.* тезе, кьезе; тIамизе; **~ на риск** таваккал тIамизе; **~ на усту́пки** нух (*бакI ва ц.*) кьезе (тезе) 19) (*иметь место, происходить*) унел (гьарулел) рукIине; **ме́жду э́тими стра́нами иду́т перегово́ры** гьел пачалихъазда гьоркьор гара-чIвариял унел (гьарулел) руго ◊ **идёт!** лъикI бугоха! бегьулаха! **~ впрок** хайиралъе, пайдаялъе ине; пайда бахине; **~ вразре́з** разилъунгутIизе, данде чIезе; **~ в рост** (*о растениях*) кIудияб гIезе лъугьине; **~ в но́гу со вре́менем** заманалда рекъон хьвадизе, нахъе ккезе чIунгутIизе; **~ за́муж** росасе ине; **~ ко дну** (*о судне*) гьанкъизе, тIинде ине; **~ на по́дпись** гьолбас гьабизе ине; **~ на поса́дку** (*о самолете и т. п.*) рещтIине; **~ под суд** судалде ккезе; **~ свои́м чередо́м** жиндирго къагIидаялда ине; **да́льше ~ не́куда** тIокIаб ине бакI гьечIо; **дела́ иду́т как по ма́слу** иш лъикI, нахулъан гIадин, унеб буго; **дела́ иду́т к концу́** иш ахиралде щолеб буго; **де́ло идёт на лад** иш битIа-бишун унеб буго; **не идёт из головы́** ракIалдаса (ботIролъа) унеб гьечIо; **речь идёт о пое́здке** сапаралъул хIакъалъулъ бицунеб буго

ИДУ́ , идёшь *и т. д. наст. от* **идти́**

ИЕЗУ́ИТ *м* 1) иезуит, ясугIияв 2) *перен.* мунапикъ, язид, кIигьумер, вархIа

ИЕЗУ́ИТСКИЙ, -ая, -ое 1) иезуитазулаб 2) *перен.* мунапикъасулаб, язидилаб, кIигьумераб

ИЕ́НА *ж* иена (*Япониялъул гIарцул единица, роцен*)

ИЕРАРХИ́ ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое иерархияб, иерархиялъулаб

ИЕРА́РХИЯ *ж* иерархия (*тIадегIанаб даражаялъулазе тартибалда гъоркьиял даражабазул мутIигIлъиялъулаб низам*)

ИЕРО́ГЛИФ *м* иероглиф (*идеографиялъулаб хъвай-хъвагIа-ялда рагIул яги слогалъул фигурияб ишара (гIаламат, сурат*)

ИЕРОГЛИФИ́ ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое иероглифияб; **~ое письмо́** иероглифияб хъвай-хъвагIай

ИЖДИВЕ́Н//ЕЦ *м лъицаниги* хьихьулев чи; цогияс хьихьун вугев чи, цогиясул напакъаялда вугев чи; **у него́ три ~ца** дос хьихьулев вуго лъабго чи; досул напакъаялда лъабго чи вуго

ИЖДИВЕ́НИ//Е *с* хьихьи (*хIалтIуларев, унтарав, херав ва ц.*); **на ~и бра́та** вацас хьихьун, вацасул напакъаялда

ИЖДИВЕ́НКА *ж лъицаниги* хьихьулей (хьихьун йигей) гIадан, *лъилниги* напакъаялда йигей гIадан

ИЖДИВЕ́НЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое чияца хьихьиялъул

ИЗ (ИЗО́) *предлог с род. п.* 1) (*откуда*) -са(н), -лъ; **вы́ йти и́з дому** рокъоса кьватIиве вахъине; **привезти́ из колхо́за** колхозалдаса босун щвезабизе; **он прие́хал из Москвы́** дов Москваялдаса вачIана; **река́ вы́шла из берего́в** гIор (щун) рагIалъабаздаса кьватIибе кIанцIана; **вы́ бросить из головы́** ботIролъа (рекIелъа) нахъе (добахъа) рехизе; **узна́ть из газе́т** газетаздасан лъазе 2) (*указывает на выделение части целого*) -л, -са(н); **одно́ из двух** кIигоялъул (кIигоялдасан) цояб; **лу́чший из всех** киназдасаго лъикIаб; **вы́ходец из наро́да** халкъалда гьоркьоса вачIарав чи 3) (*указывает на превращение чего-л. во что-л.*) -л, -са; **из посёлка вы́ рос го́род** поселокалъул шагьар гIун бачIана 4) (*при обозначении материала, состава*) -л; **дом из ка́мня** ганчIил мина, рукъ; **буке́т из роз** розабазул квацIи; **боти́нки из ко́жи** тIомол ботинкаби; **ко́фта из ше́рсти** (квасул) шалил кофта 5) (*по причине*) -лъ; **сде́лать** *что-л.* **из за́висти** жахIдалъиялъ (ракIхъублъиялъ) *щибниги* гьабизе 6) (*с целью*) -лъе; **из эконо́мии** экономиялъе,

цIуна-къаялъе; 7) (*при указании на компоненты совокупности*) -л, ... бугеб; **гру́ппа из десяти́ челове́к** анцIго чиясул къокъа, анцIго чи вугеб къокъа; **кварти́ра из трёх ко́мнат** лъабго рукъ бугеб квартира; **ста́до из ове́ц и коро́в** гIиялги гIачиязулги рехьед ◊ **из го́да в год** лъагIалидаса лъагIалиде; **из э́того ничего́ не вы́йдет** гьелъул хIасил ккеларо, гьелъул жо ккеларо; **вы́ йти из себя́** гIоркьихъа ворчIизе; **вы́ йти из терпе́ния** сабру лъугIизе (тIагIине)

ИЗ- (ИЗО-, ИЗЪ-, ИС-) *приставка* 1) *кисаниги* кьватIибехун багъари, ин: **изгна́ть** кьватIибе бачахъизе 2) иш тIубай, рагIалде бахъинаби; **изодра́ть** бихъ-бихъун (тIутIун) базе, пара-пара гьабизе 3) тIатIала (гIемер) гьаби: **изра́нить** лъукъ-лъукъизе, лъукъ-лъукъун рехизе

ИЗБ//А́ *ж* цIулал мина ◊ **выноси́ ть сор из ~ы́** рокъоб ккараб кьватIиб бицине

ИЗБАВИ́ТЕЛЬ *м* тархъан (хвасар, эркен) гьарулев чи; **он её ~** дов вуго дой хвасар гьаюрав чи

ИЗБАВИ́ТЕЛЬНИЦА *ж* тархъан (хвасар, эркен) гьарулей гIадан

ИЗБА́ВИТЬ *сов. кого-что от кого-чего* тархъан (хвасар, эркен) гьаризе; *сундасаниги* рорчIизаризе; **~ от сме́рти** хвалдаса хвасар гьаризе; **~ от хлопо́т** квалквалалдаса (тIалаб-агъазалдаса) эркен гьаризе; **~ от опа́сности** хIинкъиялдаса хвасар гьаризе; **изба́вьте меня́ от него́!** эркен гьаве дун досдаса!

ИЗБА́ВИТЬСЯ *сов. от кого-чего* хвасарлъизе, эркенлъизе, тархъанлъизе; *сундасаниги*, *лъидасаниги* ворчIизе; **~ от наказа́ния** тамихIалдаса ворчIизе; **~ от опа́сности** хIинкъиялдаса хвасарлъизе (ворчIизе)

ИЗБАВЛЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **изба́вить**) хвасар (эркен, тархъан) гьари; рорчIизари **2.** (*по гл.* **изба́виться**) хвасарлъи, эркенлъи, тархъанлъи, рорчIи

ИЗБАВЛЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **изба́вить(ся)**

ИЗБАЛО́ВАННОСТЬ *ж* гогьлъи, гIанчIлъи, гогьлъун лъугьин

ИЗБАЛО́ВАНЫЙ, -ая, -ое гогьлъизабураб, гогьдаризабураб, бокьухъе тараб; **~ ребёнок** гогьлъизабураб (гогьдаризабураб) лъимер

ИЗБАЛОВА́ТЬ *сов. кого* гогьлъизабизе, гогь гьабизе, бокьухъе тезе; **~ ребёнка** лъимер гогьлъизабизе

ИЗБАЛОВА́ТЬСЯ *сов.* (*стать избалованным*) гогьлъизе, гIанчIлъизе

ИЗБАЛО́ВЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **избалова́ть(ся)**

ИЗБА́-ЧИТА́ЛЬНЯ *ж уст.* изба-читальня (*цебе росулъ букIараб маданиябгун лъайкьеялъул идара*)

ИЗБЕГА́//ТЬ *сов. что разг.* векерун гIемерал бакIазде щвезе; **я ~л весь го́род** (векерун) тIубараб шагьар сверана дица

ИЗБЕГА́//ТЬ *несов.* 1) *см.* **избежа́ть** 2) *кого-чего и с неопр. сундасаниги* цIунизе, лъутизе, ворчIизе; **он ~ет встре́чи** дов дандчIваялдаса лъутулев вуго (лъутула)

ИЗБЕ́ГАТЬСЯ *сов. разг.* (*утомиться*) векерахъдун сваказе

ИЗБЕ́ГНУТЬ *сов. см.* **избежа́ть**

ИЗБЕЖА́НИЕ *с*: **во ~** *сундасаниги* цIунизелъун, *щибниги* букIунгутIизелъун, биччангутIизелъун; **во ~ оши́бок** гьалатIаздаса цIунизелъун, гьалатIал риччангутIизелъун; **~ неприя́тностей** лазатбахъиялдаса цIунизелъун (цIунизе гIоло)

ИЗБЕЖА́//ТЬ *сов.* 1) *чего, с неопр.* (*уклониться от чего-л.*) *цо сундасаниги* цIунизе (ворчIизе); **я ~л встре́чи с ним** дун гьевгун дандчIваялдаса ворчIана 2) *чего* (*спастись*) хвасарлъизе

ИЗБИВА́ТЬ *несов. см.* **изби́ ть**

ИЗБИЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **изби́ть**) рухи, кьаби, ракин, рацIи, роркьи **2.** (*убийство*) чIвай-хъвей, гъури (гIадамал) ◊ **~ младе́н-**

цев *шутл.* тIасан ккун кьвари, гIолохъанаб гIелалдехун гурхIелрахIму гьечIолъи

ИЗБИРА́ТЕЛЬ *м* рищиялъулъ гIахьаллъулев, рищиялъе ихтияр бугев чи, жинца вищулев

ИЗБИРА́ТЕЛЬНИЦА *ж* рищиялъулъ гIахьаллъулей гIадан, рищиялъе ихтияр бугей гIадан

ИЗБИРА́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое рищиялъул(аб); **~ое пра́во** рищиялъулаб ихтияр; **~ый уча́сток** рищиялъул участок

ИЗБИРА́ТЬ *несов. см.* **избра́ть**

ИЗБИ́Т//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*проторённый*) тIасан хьвадун, хвезабураб; **~ая доро́га** тIасан хьвадун, хвезабураб нух 2) (*общеизвестный*) гIемер рагIун (бихьун), чIалгIараб (чIамучIлъараб, бутIараб); **~ое выраже́ние** гIемер абун (рагIун), чIалгIараб рагIи (калам)

ИЗБИ́ ТЬ *сов.* 1) *кого* бухизе, кьабизе, вакине 2) *что* (*привести в негодность*) хвезабизе (*нух ва ц.*); **~ доро́гу колёсами** гьакибурдуз нух хвезабизе

ИЗБОРОЗДИ́ //ТЬ *сов. что* 1) (*покрыть бороздами, рытвинами*) рахъал (хъитIал) рахъизе (гьаризе, лъугьинаризе); **плу́ги ~ли зе́млю** кутназ ракьалда рахъал гьаруна 2) (*пересечь в разных направлениях*) *щибниги* къотIун, рахъ-рахъалде ине; **морщи́ны ~ли его́ лицо́** досул гьурмада рукIкIалабаз рахъал рахъун ру-кIана; **~ть все моря́** киналго ралъадал къотIун, хьвадизе, ине

ИЗБРА́НИЕ *с* вищи; **~ депута́тов** депутатал ри́ щи

ИЗБРА́ННИК *м* 1) тIаса вищарав чи; **наро́дный ~** халкъалъ тIаса вищарав чи 2) (*о супруге, возлюбленном*) ракIалъ вищарав (*гьудул, рос*)

ИЗБРА́ННИЦА *ж* тIаса йищарай гIадан (гьудул, чIужу)

И́ЗБРАНН//ЫЙ, -ая, -ое *в разн. знач.* тIаса бищараб; **~ые произведе́ния** тIаса рищарал асарал; **~ый круг люде́й** тIаса рищарал гIадамазул къокъа; **для ~ых** тIаса рищаразе

ИЗБРА́ТЬ *сов. кого-что* 1) (*предпочесть*) тIаса бищизе; **~ специа́льность** махщел тIаса бищизе 2) (*голосованием*) (*гьаракь кьун*) вищизе; **его́ избра́ли депута́том** дов депутатлъун вищана

ИЗБУ́ ШКА *ж* цIулал гьитIинаб рукъ

ИЗБЫ́ Т//ОК *м* 1) (*излишек*) тIокIлъи; **~ок хле́ба** чадил тIокI-лъи 2) (*обилие*) гьарзалъи, гIемерлъи ◊ **в ~ке, с ~ком** цIикIкIунги, тIокIги, гIунги тIокI, гьарзаго

ИЗБЫ́ ТОЧН//ЫЙ, -ая, -ое гьарзаяб, гIемераб, гIунги тIокIаб, кьваригIунелдаса цIикIкIараб; **~ые това́ры** кьваригIунелдаса цIикIкIараб къайи; **~ая эне́ргия** кьваригIунелдаса цIикIкIараб энергия; **~ая вла́жность** кьваригIунелдаса цIикIкIараб регьел

ИЗВАЯ́ НИЕ *с* скульптурияб сурат, статуя (*хIамIул яги ганчIил гьабураб скульптурияб сурат*)

ИЗВАЯ́ ТЬ *сов. кого-что* статуя гьабизе (*хIалтIул яги ганчIил скульптурияб сурат гьабизе*)

ИЗВЕ́ДАТЬ *сов. что, чего* бихьизе, лъазе, жиндаго бихьун, лъазе; **~ го́ря** кьварилъи лъазе; **~ сча́стье** талихI, жиндаго бихьун, лъазе

ИЗВЕ́ДЫВАТЬ *несов. см.* **изве́дать**

И́ ЗВЕРГ *м* (*жестокий человек*) зулмучи, гIасияв (жанаварав, балканахарав) чи

ИЗВЕРГА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **изве́ргнуть(ся)**

ИЗВЕ́РГНУТЬ *сов.* 1) *что* (*выбросить из себя*) къватIибе рехизе (*жиндаго жаниса*); **~ ла́ву** лава къватIибе рехизе (*вулканалъ*) 2) *кого* (*изгнать*) гьоркьоса вачахъизе; **~ из свое́й среды́** жидедаго гьоркьоса вачахъизе

ИЗВЕ́РГНУТЬСЯ *сов.* (*о вулкане*) къватIибе рехун бачIине, жанисан къватIибе бурун бачIине (*вулкан*)

ИЗВЕРЖЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **изве́ргнуть**) къватIибе рехи (*лава*) **2.** (*по гл.* **изве́ргнуться**) къватIибе бурун бачIин (*лава*)

ИЗВЕ́РИТЬСЯ *сов. в ком-чем* божи хвезе, божунгутIизе; **~ в друзья́ х** гьалмагъзабазда божи хвезе

ИЗВЕРНУ́ТЬСЯ *сов.* 1) тириго, лебалго гьоркьоса ворчIизе 2) *перен.* (*найти выход*) нух (рес) батизе; **~ при отве́те** виххичIого, лебалго жаваб кьезе, жаваб кьун бажаризе (кIвезе), абизе рагIи батизе

ИЗВЁРТЫВАТЬСЯ *несов. см.* **извернýться**

ИЗВЕСТИ́ *сов. разг.* 1) *что* (*израсходовать*) харж гьабун, тIагIинабизе (лъугIизабизе); **~ всю бума́гу** кинабго кагъат харж гьабизе 2) *кого-что* (*уничтожить*) тIагIинабизе; **~ комаро́в** кIкIара тIагIинабизе 3) *кого* (*измучить*) гIакъуба (гIазаб) кьезе; **го́ре совсе́м извело́ его́** ургъелалъ цIакъ гIазаб кьуна досие

ИЗВЕ́СТИ//Е *с* 1) лъазаби, баян, хабар; **от него́ давно́ не́ было ~й** досул цебегоялдаса хабар гьечIо 2) *мн.* **~я** (*периодическое издание*) известия; **Изве́стия Акаде́мии Нау́к** ГIелмабазул Академиялъул известиял

ИЗВЕСТИ́ СЬ *сов.* 1) (*измучиться*) бизарлъизе, хIал дагьлъизе, чара хвезе; **~ от го́ря** ургъелалъ чара хвезе 2) (*перестать существовать*) тIагIине

ИЗВЕСТИ́ //ТЬ *сов. кого-что о чем* лъазабизе, бицине, хабар щвезабизе, ругьел базе; **он никого́ не ~л о своём прие́зде** жив вачIиналъул хIакъалъулъ дос лъиданиги лъазабичIо

ИЗВЁСТК//А *ж разг.* билъараб гач, гач; **сте́ны вы́белены ~ой** къа́дал гачалъ хъахI гьарун руго (рохьун руго)

ИЗВЕСТКО́ВЫЙ, -ая, -ое гачил, гач гъорлъ бугеб; **~ раство́р** гачил раствор (билъен)

ИЗВЕ́СТНО 1. *в знач. сказ. безл.* лъалеб (баянаб) жо буго; **мне ~, что он здесь** дида лъала дов гьанив вукIин; **наско́лько мне ~** дида лъавухъе **2.** *в знач. вводн. сл.* лъала, узухъда; **~, с ним не сговори́шься** узухъда, досулгун рагIи данде ккезабизе кIвеларо

ИЗВЕ́СТНОСТЬ *ж* машгъурлъи, цIар ин ◊ **поста́вить** *кого-л.* **в ~** *лъиданиги* лъазабизе, *лъиениги* баян гьабизе

ИЗВЕ́СТН//ЫЙ, -ая, -ое **1.** 1) (*знакомый*) лъалеб; **~ый факт** лъалеб хIужжа, лъалеб жо; **всем ~ое де́ло** киназдаго лъалеб иш 2) (*знаменитый*) машгъураб, цIар араб (рагIараб); **быть ~ым** машгъуравлъун вукIине; **~ый писа́тель** машгъурав хъвадарухъан 3) (*определенный*) цо чIараб; **~ое коли́чество** цо чIараб къадар 4) (*некоторый*) цо дагьаб; цо лъалеб; **до ~ой сте́пени** цо лъалеб даражаялъ; **в ~ых слу́чаях** цо-цо нухалъ **2.** *в знач. сущ.* **~ое** *с мат.* лъалеб (*рикIкIен*)

ИЗВЕСТНЯ́ К *ж* гачигамачI, гачгъецIо, хъахIгъецIо; **гру́бый ~** хъачIаб гачгъецIо

ИЗВЕСТНЯКО́В//ЫЙ, -ая, -ое гачгъецIоялъул, хъахIгъецIоялъул, гачиганчIил; **~ые го́ры** гачиганчIил (гачигъецIоялъул, хъахIгъецIоялъул) мугIрул

И́ЗВЕСТЬ *ж* гач; **гашёная ~** билъараб гач; **негашёная ~** билъичIеб гач; **бели́ ть ~ю** гачица хъахI гьабизе (бохьизе)

ИЗВЕТША́ЛЫЙ, -ая, -ое тIубан чIемегIлъараб; хохораб; басралъараб

ИЗВЕТША́//ТЬ *сов.* тIубан чIемегIлъизе; хохозе; басралъизе; **оде́жда ~ла** ретIел хохон буго

ИЗВЕ́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое даимаб, абадияб, кидагосеб; **~ое чу́вство любви́ к ро́дине** ватIаналде даимаб рокьи

ИЗВЕЩА́ТЬ *несов. см.* **извести́ ть**

ИЗВЕЩЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **извести́ть**) лъазаби; **заблаговре́менное ~ всех** ригьдаго киназдаго лъазаби **2.** (*письменное сообщение*) лъазаби, извещение

ИЗВИВА́ТЬСЯ *несов.* 1) (*о реке, дороге*) кIичI-кIичIун ине 2) (*от боли*) чIучIадахъдизе (*цIакъ унтиялъ*)

ИЗВИ́ЛИН//А *ж* свери, кIичIи; букIкIен; **~ы реки́** гIурул свераби; **~ы мо́зга** гIадалзул нахул рукIкIалаби

ИЗВИ́ЛИСТ//ЫЙ, -ая, -ое кIичI-кIичIараб; свераби ругеб; **~ая доро́га** кIичI-кIичIараб (свераби ругеб) нух

ИЗВИНЕ́НИ//Е *с* **1.** (*по гл.* **извини́ться**) тIаса лъугьин; **проси́ть ~я** тIаса лъугьаян гьаризе **2.** (*оправдание*) гIайиб бацIцIин; ритIухъ гьави; **неосведомлённость не мо́жет служи́ ть ~ем** лъангутIиялъ гIайиб бацIцIунаро

ИЗВИНИ́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*простительный*) тIаса лъугьине бегьулеб; **~ая оши́бка** тIаса лъугьине бегьулеб гьалатI 2) (*оправдательный*) тIаса лъугьаян гьарараб; гIайиб бацIцIун бугеб; **~ое письмо́** тIаса лъугьаян гьарараб кагъат

ИЗВИНИ́//ТЬ *сов. кого-что* тIаса лъугьине; **~те меня́ !** тIаса лъугьа дидаса! **~те, что я вас перебива́ю** дица мун гьоркьов къотIизавиялда тIаса лъугьа; **ну уж ~те!** гIайиб гьабуге! гьеб гьедин гуро бугеб!

ИЗВИНИ́ ТЬСЯ *сов.* тIаса лъугьаян гьаризе; **~ за опозда́ние** кватIиялда (кIватIиялъе гIоло) тIаса лъугьаян гьаризе

ИЗВИНЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **извини́ ть(ся)**

ИЗВЛЕКА́ТЬ *несов. см.* **извле́чь**

ИЗВЛЕКА́//ТЬСЯ *несов.* къватIибе бахъун бачIине; **ша́шка легко ~ется из но́жен** хвалчен лъалиниса бигьаго бахъун бачIуна

ИЗВЛЕЧЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **извле́чь**) къватIибе бахъи, бахъи; **~ пу́ли из те́ла** чорхолъа гулла къватIибе бахъи **2.** (*выдержка, выписка*) выписка (*текстaлдаса босараб кесек*); **~ из газе́ты** газеталдаса босараб выписка ◊ **~ ко́рня** *мат.* корень бахъи, корень бати

ИЗВЛЕ́ЧЬ *сов.* 1) *кого-что из кого-чего* (*вынуть*) къватIибе бахъизе; **~ оско́лок из ра́ны** ругъналъа (*гIарададул*) гуллил кесек къватIибе бахъизе 2) *что из чего перен. кисаниги* босизе; **~ из архи́ ва но́вые матери́алы** архивалдаса цIиял материалал росизе ◊ **~ко́рень** *мат.* корень бахъизе

ИЗВНЕ́ *нареч.* къватIисан; **по́мощь ~** къватIисан кумек

ИЗВОДИ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **извести́ (сь)**

ИЗВО́ЗЧИК *м* 1) гьокочи, файтончи; **ломово́й ~** къайи баччулев гьокочи; **легково́й ~** гIадамал раччулев гьокочи (фаэтончи) 2) (*экипаж*) мухьдахъ ккураб экипаж (*фаэтонги фаэтончиги*); **е́хать на ~** мухьдахъ ккураб экипажалда (фаэтоналда) рекIун ине

ИЗВО́Л//ИТЬ *несов. чего и с неопр.* (*соблаговолить*) разилъизе, бокьизе, рекIее бокьизе, лъикI бихьизе; **он не ~ил есть** досие кваназе бокьичIо; **~ьте** а) (*ладно, хорошо*) лъикI, лъикIха, лъикI буго; б) (*пожалуйста*) гьарула, дала кьегийин ◊ **чего ~ите?** *уст.* щиб бугеб къваригIараб жо?

ИЗВОРА́ЧИВАТЬСЯ *несов. см.* **извернýться**

ИЗВОРО́ТЛИВОСТЬ *ж* 1) (*ловкость*) тулаклъи, бажари, тирилъи, лебаллъи 2) (*находчивость*) цIодорлъи, виххунгутIи, хехго рекIеда вати

ИЗВОРО́ТЛИВЫЙ, -ая, -ое 1) (*ловкий*) тулакав, тирияв, лебалав, бажари бугев; **~ челове́к** лебалав (тирияв, бажари бугев) чи 2) (*находчивый*) цIодорав, виххуларев, хехго рекIеда ватулев

ИЗВРАТИ́ТЬ *сов. кого-что* (*исказить*) магIна хисизабизе (мекъса сверизабизе); **~ смысл слов** ргIабазул магIна мекъса сверизабизе

ИЗВРАЩА́ТЬ *несов. см.* **изврати́ ть**

ИЗВРАЩЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **изврати́ть**) магIна хисизаби (мекъса сверизаби) **2.** (*ненормальность*) пучлъи

ИЗВРАЩЁННОСТЬ *ж* 1) (*искаженность*) мекъса сверизаби; **~ фра́зы** каламалъул магIна мекъса сверизаби 2) (*противоестественность*) тIабигIияб гуреб букIин

ИЗВРАЩЁННЫЙ, -ая, -ое 1) (*искаженный*) магIна хисизабураб (мекъса сверизабураб); **~ текст** магIна хисизабураб (мекъса сверизабураб) текст 2) (*противоестественный*) тIабигIияб гуреб

ИЗГА́ДИТЬ *сов. что разг.* 1) (*запачкать*) чорок гьабизе, хъублъизабизе 2) *перен.* (*испортить*) хвезабизе

ИЗГИ́ Б *м* 1) сукIи́ , сукIел; гури́, кIичIи́ 2) *мн.* **~ы** *перен.* (*оттенки*) хисаби (хиси); **~ы души́** рекIел хIал хиси

ИЗГИБА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **изогну́ть(ся)**

ИЗГЛА́ДИ//ТЬ *сов. что* 1) хвезабизе, тIаса инабизе; **вре́мя ~ло на́дпись на ка́мне** заманалъ ганчIида букIараб хъвай-хъвагIай тIаса инабун (хвезабун) буго 2) *перен.* кIоченабизе; **вре́мя ~т из па́мяти да́вние собы́ тия** заманалъ церегосел лъугьа-бахъинал кIоченарила

ИЗГЛА́ДИ//ТЬСЯ *сов.* 1) (*стереться*) тIаса ине, хвезе; **бу́квы ру́кописи ~лись от вре́мени** квералъ хъвараб жоялъул хIарпал мех баялъ тIаса ун руго 2) *перен.* тIагIине (ракIалдаса), кIоченее; **~ться из па́мяти** ракIалдаса ине, кIочон тезе

ИЗГЛА́ЖИВАТЬ(СЯ) *воен. см.* **изгла́дить(ся)**

ИЗГНА́НИ//Е *с.* **1.** (*по гл.* **изгна́ть**) вачахъи, къватIиве ахIи (гъей); **~е врага́** тушман вачахъи, нахъе гъей **2.** (*ссылка*) судалъул хIукмуялдалъун витIараб бакIалда гIумру гьаби

ИЗГНА́ННИК *м* къватIиве вачахъарав (гъурав, ахIарав) чи

ИЗГНА́ННИЦА *ж* къватIие ячахъарай (гъурай, ахIарай) гIадан

ИЗГНА́ТЬ *сов.* 1) *кого-что* (*выгнать*) къватIиве гъезе, вачахъизе, ракь тезабизе; **~ врага́** тушман вачахъизе, тушманасда ракь тезабизе 2) *что* (*искоренить*) яризабизе, кьучIдасаго тIагIинабизе; **~ бюрократи́зм** бюрократизм яризабизе (кьучIдасаго тIагIинабизе) 3) *что перен.* нахъе инабизе, тIагIинабизе; **~ страх из се́рдца** рекIелъа хIинкъи нахъе инабизе (тIагIинабизе)

ИЗГОЛО́ВЬ//Е *с* (*постели*) къадан; **положи́ ть поду́шку в ~е** къаданиб къандалъо лъезе; **склони́ться у ~я больно́го** унтарасул къаданиве къуллун вукIине

ИЗГОЛОДА́ТЬСЯ *сов.* 1) кутакалда вакъизе, вакъуца хIал дагьлъизе; **~ в пути́** нухда кутакалда вакъизе 2) *перен.* урхъизе, чIалгIине (*лъихъниги-сундухъниги*); **~ по хоро́шей кни́ ге** лъикIаб тIехьалъухъ урхъизе

ИЗГОНЯ́ ТЬ *несов. см.* **изгна́ть**

И́ ЗГОРОДЬ *ж* чали

ИЗГОТА́ВЛИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **изгото́вить(ся)**

ИЗГОТО́ВИТЬ *сов. что* 1) (*сделать*) гьабизе; **~ но́вые сту́лья** цIиял бакIал гьаризе 2) *разг.* (*приготовить пищу*) квен гьабизе

ИЗГОТО́ВИТЬСЯ *сов. воен. спорт.* хIадурлъизе; **~ к бо́ю** рагъде хIадурлъизе; **~ к прыжку́** кIанцизе хIадурлъизе, хIадурлъи гьабизе

ИЗГОТОВЛЕ́НИ//Е *с* гьаби, хIадур гьаби; **колбаса́ дома́шнего ~я** рокъоб гьабураб (хIадур гьабураб) бакь

ИЗГОТОВЛЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **изгото́вить(ся)**

ИЗДА//ВА́ТЬ[1,2] *несов. см.* **изда́ть**[1,2]; **цветы́ ~ют прия́тный арома́т** тIугьдуз берцинаб махI тIибитIизабулеб буго

ИЗДА//ВА́ТЬСЯ *несов.* бахъизе; **кни́ га ~ётся больши́ м тиражо́м** тIехь кIудияб тиражалда бахъулеб буго

И́ ЗДАВНА *нареч.* цебегоялдаса, некIогоялдаса нахъе; **~ знать** *что-л.* цебегоялдаса *щибниги* лъазе

ИЗДАЛЕКА́ *нареч.* рикIкIадасан; **го́род ви́ ден ~** шагьар рикIкIадасан бихьулеб буго; **~ дonóсятся зву́ки го́рна** рикIкIадасан (росун рачIунел) ргIулел руго накъирадул гьаркьал ◊ **~ нача́ть (***разговор*) (гара-чIвари) рикIкIадасан байбихьизе

И́ ЗДАЛИ *нареч.* 1) *см.* **издалека́; знать** *кого-л.* **~** *щивниги* рикIкIадасан лъазе

ИЗДА́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **изда́ть**[1)]) бахъи; басма; басмаялде бахъи; **~ зако́на** закон бахъи **2.** (*изданное произведение*) басмаялде бахъараб асар (тIехь); **пода́рочное ~** сайгъаталъе кьезе бахъараб тIехь; **дополни́тельное ~** цере рахъун рукIаразда тIадеги рахъарал тIахьал; **второ́е ~** кIиабилеб басма

ИЗДА́ТЕЛЬ *м* басмаялда тIахьал рахъулев чи (яги идара)

ИЗДА́ТЕЛЬСК//ИЙ, -ая, -ое издательствоялъулаб; **~ое де́ло** издательствоялъулаб иш

ИЗДА́ТЕЛЬСТВО *с* издательство, басмаялде бахъулеб идара

ИЗДА́ТЬ[1] *сов. что* (*книгу и т.п.*) бахъизе; **~ но́вый зако́н** цIияб закон бахъизе

ИЗДА́ТЬ[2] *сов. что* бахъинабизе; **~ вопль** гьуя-гьарай бахъинабизе

ИЗДЕВА́ТЕЛЬСКИЙ, -ая, -ое махсараде кколеб, хIакъир гьавулеб, иришгъатаб; **~ тон** хIакъир гьарулеб тайпаялъул калам

ИЗДЕВА́ТЕЛЬСТВ//О *с* **1.** (*по гл.* **издева́ться**) махсараде кквей, хIакъир гьави, иришгъат гьави **2.** (*злая насмешка*) ццидалаб махсара, иришгъат; **подверга́ться ~ам** ццидалал махсараби (иришгъатал) хIехьезе ккезе

ИЗДЕВА́ТЬСЯ *несов. над кем-чем* хIакъир гьавизе, тIад релъанхъизе, иришгъат гьавизе

ИЗДЁВК//А *ж разг.* хIакъир (инжит, иришгъат) гьави; махсараде кквей, тIад релъи; **говори́ ть с ~ой** хIакъир гьавун, кIалъазе

ИЗДЕ́ЛИ//Е *с* 1) (*производство*) хIалтIи гьаби; **чулки́ фабри́ч-ного ~я** фабрикаялъ гьарурал щватаби; **кольцо́ куста́рного ~я** рокъоб гьабураб баргъич 2) (*вещь, товар*) *гьабураб* матахI, къайи; **жестяны́ е ~я** хъахIмаххул къайи; **~я из ста́ли** чармил къайи

ИЗДЁРГАННЫЙ, -ая, -ое гIузрабаз (ургъалабаз) лъехезаврав (цIахъа-рахъарав); **~ые не́рвы** цIахъа-рахъарал (рагъаризарурал) нервал

ИЗДЁРГАТЬ *сов.* 1) *что* (*дерганьем истрепать*) гIемер туркIтуркIун (цIа-цIан) хвезабизе; 2) *кого перен.* гIакъуба (гIазаб) кьезе (чIамизабизе); **~ приди́рками** гIайибал чIван, багьанаби гьарун, гIакъуба кьезе, цIахъа-рахъазе; нервал рагъаризаризе

ИЗДЁРГА//ТЬСЯ *сов. разг.* 1) гIемер цIахъа-рахъан, басралъизе (хохозе, хвезе); **сигна́льная верёвка ~лась** сигналалъул квар, гIемер цIахъа-рахъан, хун буго 2) (*совсем растроиться — о*

нервном состоянии) кутакалда рахIат хвезе, гIакъуба-къварилъиялъ унтизе; **не́рвы ~лись** нервал рагъарун руго

ИЗДЕРЖА́ТЬ *сов. что* (*истратить*) харж гьабизе (гьабун бахъинабизе); **~ все де́ньги** кинабго гIарац харж гьабизе

ИЗДЕРЖА́ТЬСЯ *сов. разг.* жиндирго гIарац харж гьабизе; **~ в доро́ге** нухда гIарац харж гьабизе

ИЗДЕ́РЖИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **издержа́ть(ся)**

ИЗДЕ́РЖ//КИ *мн.* (*ед.* **~ка** *ж*) бахъараб харж; **суде́бные ~** судалъе бахъараб харж; **~ произво́дства** производствоялъе гьабураб харж; **понести́** ~ харж бахъизе

ИЗДО́ХНУТЬ *сов.* 1) (*о животном*) капурго хвезе, гIодоб ккун, хвезе (*хIайван*) 2) *груб.* (*о человеке*) хвезе, капурго хвезе

ИЗДЫХА́НИ//Е *с*:◊ **до после́днего ~я** хвезегIан (тIарамагъадисеб хIухьел цIазегIан); **при после́днем ~и** хвалда цебе

ИЗДЫХА́ТЬ *несов. см.* **изд0́хнуть**

ИЗЖА́РИТЬ *сов. что* бежизабизе, бежун бахъинабизе; кьеризабизе; **~ котле́ты** котлетал режизаризе

ИЗЖИВА́ТЬ *несов. см.* **изжи́ ть**

ИЗЖИ́ТЬ *сов. что* тIагIинабизе, гьоркьоса лъугIизабизе; **~ име́ющиеся недоста́тки** ругел гIунгутIаби тIагIинаризе; **~ себя́** басралъун (заман ун) къваригIунареблъун лъугьине

ИЗЖО́Г//А *ж мед.* цIерхIей, керен цIерхIей; **страда́ть ~ой** цIерхIеялъ гIакъуба кьезе

ИЗ-ЗА *предлог с род. п.* 1) (*откуда*) нахъасан, доб рахъалдасан; **смотре́ть ~ две́ри** нуцIида нахъасан балагьизе; **он прие́хал ~ мо́ря** гьев ралъдал доб рахъалдаса вачIана 2) (*по причине*) гIоло, сабаблъун; **~ шу́ма ничего́ не слы́ шно** хъуй сабаблъун цибго жо рагIулеб гьечIо; **мы опозда́ли ~ дождя́** ниж цIад сабаблъун кватIана

ИЗЗЯ́ БНУТЬ *сов. разг.* цIоро-гъорозе, цIакъ квачазе

ИЗЛАГА́ТЬ *несов. см.* **изложи́ ть**

ИЗЛА́ЗИТЬ *сов. что разг.* харун кивего вахине (щвезе); ваккаризе; **~ все углы́** киналго бокIнахъе ваккаризе (кивего ваккаризе)

ИЗЛЕНИ́ ТЬСЯ *сов. разг.* цIакъ кIвахIаллъизе

ИЗЛЕЧЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **излечи́ ть**) сахлъизави; **отпра́вить на ~** сахлъизавизе витIизе **2.** (*по гл.* **излечи́ться**) са́хлъи, лъи́ кIлъи; **по́лное ~** тIубан са́хлъи (лъи́ кIлъи)

ИЗЛЕ́ЧИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **излечи́ ть(ся)**

ИЗЛЕЧИ́М//ЫЙ, -ая, -ое сахлъизабизе кIолеб, сахлъизабун бажарулеб, сахлъулеб; **~ая боле́знь** сахлъизабизе кIолеб унти

ИЗЛЕЧИ́ТЬ *сов.* 1) *кого-что* сахлъизавизе, лъикIлъизавизе; **~ больно́го** унтарав сахлъизавизе 2) *перен.* хвасар гьавизе; **~** *кого-л.* **от несча́стной любви́** талихI къараб рокьудаса хвасар гьавизе *щивниги*

ИЗЛЕЧИ́ТЬСЯ *сов. от чего* сахлъизе, лъикIлъизе; **~ от туберкулёза** туберкулезалдаса вацIцIалъизе, сахлъизе 2) *перен.* хвасарлъизе, тархъанлъизе; **~ от поро́ков** гIунгутIабаздаса (гIайибаздаса) хвасарлъизе (ворчIизе)

ИЗЛИВА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **изли́ ть(ся)**

ИЗЛИ́ТЬ *сов. что* (*высказать, выразить*) къватIибе чIехьезе (загьир гьабизе), цебе лъезе; **~** *кому-л.* **своё го́ре** жиндирго къварилъи ракI рагьун *лъиениги* бицине

ИЗЛИ́ТЬСЯ *сов.* (*выразить свои чувства*) жиндирго рекIелъ хIал загьир гьабизе, ургъел (керен, рак1) чучизе *лъиениги* (*лъидениги*)

ИЗЛИ́ Ш//ЕК *м* 1) тIокIлъи, тIокIлъун ккараб жо; **~ек тка́ни** ххамил тIокIлъи; **прода́жа ~ков хле́ба госуда́рству** пачали-хъалъе тIокIлъараб тIорщел бичи 2) (*чрезмерное количество*) цIикIкIин, гIемерлъи, гьарзалъи; **~ек воды́ в по́чве** ракьулъ лъим цIикIкIин

ИЗЛИ́ШЕСТВО *с* тIокIлъи, гIорхъолъа борчIи, нормаялдаса бахъи; **~ в еде́** кванилъ тIокIлъи; **архитекту́рные ~а** архитектуриял тIокIлъаби

ИЗЛИ́ШН//ИЙ, -яя, -ее тIокIаб, къваригIунелдаса цIикIкIараб; **~яя осторо́жность** тIокIаб (къваригIунелдаса цIикIкIараб) цIодорлъи

ИЗЛИ́ЯНИ//Я *мн.* (*ед.* **~е** *с*) ракI чучи, ургъел бикьи; **дру́жеские ~я** гьудуллъиялъулаб ургъел бикьи

ИЗЛОВИ́ТЬ *сов. кого-что разг.* кквезе, хадур лъугьун, кквезе; **~ во́ра** хадур лъугьун, цIогьор кквезе

ИЗЛОВЧИ́ //ТЬСЯ *сов. разг.* лебаллъизе, лебаллъи гIезе, тирилъизе; тириго (лебалго, къамартIго) *щибниги* гьабизе; **он ~лся и уда́рил своего́ проти́вника** дов тирилъана ва жиндирго дандеясда къабана

ИЗЛОЖЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **изложи́ ть**) рекъезабун бицин (сокIкIин, херхин) **2.** (*письменный пересказ*) изложение

ИЗЛОЖИ́ТЬ *сов. что* рекъезабун сокIкIине (*бицун яги хъван*); бицине; херхине

ИЗЛО́М *м* **1.** (*по гл.* **излома́ть**) беки, бекизаби **2.** (*по гл.* **излома́ться**) беки, бекун ин **3.** (*поворот*) свери́, кIичIи́; **~ реки́** гIурул свери

ИЗЛО́МАНН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*непрямой*) гьетI-гьетIараб, кIичI-кIичIараб; **~ая доро́га** кIичI-кIичIараб нух 2) (*испорченный*) бек-бекараб, гъур-гъурараб; **~ая игру́шка** бек-бекараб расанкIо

ИЗЛОМА́ТЬ *сов.* 1) *что* бекизе, бек-бекизе, бек-бекун базе, гъур-гъуризе; **~ игру́шку** расанкIо бек-бекизе 2) *кого-что перен.* хвезабизе; **~ челове́ку жи́ знь** гIадамасул гIумру хвезабизе

ИЗЛОМА́//ТЬСЯ *сов.* бекун, бек-бекун, гъурун, гъур-гъурун ине; **ме́бель ~лась** мебель гъур-гъурана, гъурун ана

ИЗЛУЧА́//ТЬ *несов. что* 1) тIиритIизаризе; чIорал риччазе, речIчIизаризе; **со́лнце ~ет тепло́** бакъуца хинлъи тIибитIизабулеб буго 2) *перен.* загьир гьабизе; **её глаза́ ~ют ра́дость** гьелъул бераз рохел загьир гьабулеб буго

ИЗЛУЧА́ТЬСЯ *несов.* баккун бачIине, баккизе, загьирлъизе, тIибитIизе (*нур, канлъи*)

ИЗЛУЧЕ́НИЕ *с* чIорал риччай (речIчIизари), речIчIи (канлъи, нур), тIибитIи; **со́лнечное ~** бакъул чIорал риччай; **~ тепла́** хинлъул чIорал риччай, хинлъи тIибитIи; **радиоакти́ вное ~** радиоактивиял чIорал риччай

ИЗЛУ́ЧИНА *ж* кIичIи́; **~ реки́** гIурул кIичIи́

ИЗЛУЧИ́ ТЬ(СЯ) *сов. см.* **излуча́ть(ся)**

ИЗЛЮ́БЛЕНН//ЫЙ, -ая, -ое бищун бокьулеб; **~ое ме́сто** бищун бокьулеб бакI; **его́ ~ое выраже́ние** досул бищунго рокьулел рагIаби, калам

ИЗМА́ЗАТЬ *сов. кого-что разг.* (*испачкать*) *щибниги* бахун (жужан), хъуб (чорок) гьабизе; **~ стол черни́ лами** шакъи бахун, стол хъуб гьабизе

ИЗМА́ЗАТЬСЯ *сов. разг.* (*испачкаться*) баха-бакун хъублъизе (чороклъизе)

ИЗМАРА́ТЬ(СЯ) *сов. прост. см.* **изма́зать(ся)**

ИЗМА́Я//ТЬСЯ *сов. прост.* свакан тату хвезе, свакан хIал лъугIизе; **он ~лся в доро́ге** нухда свакан, досул хIал дагьлъана

ИЗМЕЛЬЧА́//ТЬ[1] *сов.* 1) (*стать мелким*) гIисинлъизе 2) (*обмелеть*) тIадголъизе; **о́зеро ~ло** хIор тIадголъана 3) *перен.* (*выродиться*) рижи бакъвазе

ИЗМЕЛЬЧА́ТЬ[2] *сов. см.* **измельчи́ ть**

ИЗМЕЛЬЧЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **измельчи́ ть**) гIисин гьаби; хъури; гьури; хIари; **~ в порошо́к** хIарун порошок гьаби, хIур гIадин гьаби

ИЗМЕЛЬЧИ́ТЬ *сов. что* гIисин гьабизе, гъуризе, хъуризе, хIаризе, ричIчIи лъугьинабизе; **~ ще́бень** чабах гъуризе (гIисин гьабизе)

ИЗМЕЛЬЧИ́ ТЬСЯ *сов.* гIисинлъизе; ричIчIи лъугьине

ИЗМЕНЕ́НИ//Е *с* **1.** (*по гл.* **измени́ ть**[1)]) хисизаби **2.** (*по гл.* **измени́ться**) хи́си **3.** (*поправка*) хиси́; **без ~й** хиси́ гьечIого; **с ~ями** хиса-басиялгун

ИЗМЕНИ́ТЬ[1] *сов. кого-что* (*сделать иным*) хисизабизе; **~ догово́р** къотIи хисизабизе; **~ о́браз жи́зни** гIумру гьабиялъул къагIида хисизабизе; **~ своё мне́ние** жиндирго пикру хисизабизе

ИЗМЕНИ́ //ТЬ[2] *сов.* 1) *кому-чему* (*предать*) хилиплъизе; **~ть ро́дине** ватIаналъе хилиплъизе 2) *кому-чему* (*нарушить верность*) хиянат (рекIк1) гьабизе; **~ своему́ дру́гу** жиндирго гьудуласе хиянат гьабизе 3) *кому перен.* дагьлъизе, загIиплъизе; **си́лы ~ли ему́** досул къуват дагьлъана (къуваталъ рехун тана)

ИЗМЕНИ́//ТЬСЯ *сов.* хисизе, батIалъизе, батIияблъун лъугьине; **он ре́зко ~лся** дов циндаго хисана ◊ **~ться в лице́** гьурмалъан хисизе (хIалакълъизе, кьер тIезе)

ИЗМЕ́ННИК *м* (*предатель*) хиянатчи; **~ ро́дины** ватIан бичарав чи, ватIаналъе хиянат гьабурав (хилиплъарав) чи

ИЗМЕ́ННИЦА *ж* хиянатай гIадан, хиянатлъи гьабурай гIадан

ИЗМЕ́НЧИВОСТЬ *ж* (*непостоянство*) хисарди, цо хIал ккунгутIи; **~ пого́ды** гьава-бакъалъул хисарди

ИЗМЕ́НЧИВЫЙ, -ая, -ое хисардулеб, цо хIалалда чIоларе6, цо хIал кколареб; **~ хара́ктер** хисардулеб (цо хIал кколареб) хасият

ИЗМЕНЯ́ЕМОСТЬ *ж* хиси, хис-хиси, хисарди

ИЗМЕНЯ́ЕМ//ЫЙ, -ая, -ое хисулеб, хис-хисулеб, хис-хисун кколеб; **~ые ча́сти ре́чи** хисулел каламалъул бутIаби

ИЗМЕНЯ́ТЬ[1] *несов. см.* **измени́ть**[1]

ИЗМЕНЯ́//ТЬ[2] *несов. см.* **измени́ть**[2]**; си́лы ему́ ~ют** досул къуват лъугIулеб (дагьлъулеб, загIиплъулеб) буго

ИЗМЕНЯ́ТЬСЯ *несов. см.* **измени́ться**

ИЗМЕРЕ́НИ//Е *с* **1.** (*по гл.* **изме́рить**) борцин; **~е температу́ры** хинлъи-цIорой борцин **2.** *мат.* (*измеряемая величина*) роцен; **куб име́ет три ~я: длину́, высоту́ и ширину́** куб лъабихъе борцуна: халалъухъе, борхалъухъе ва гIеблъухъе (кубалъул лъабго роцен буго: … … …)

ИЗМЕРИ́МОСТЬ *ж* борцине бегьи (рес букIин); роцен букIин

ИЗМЕРИ́М//ЫЙ, -ая, -ое борцине бегьулеб (рес бугеб), жиб борцунеб; **~ая величина́** *мат.* борцине бегьулеб къадар (даража); борцине бегьулеб жо, роцен бугеб жо

ИЗМЕРИ́ТЕЛЬ *м тех.* роцадул прибор (алат)

ИЗМЕРИ́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое роцадул; **~ прибо́р** роцадул алат

ИЗМЕ́РИТЬ *сов. кого-что* борцине; **~ температу́ру воды́** лъадал температура (хинлъи-цIорой) борцине; **~ длину́** халалъи борцине ◊ **~ взгля́д дом (глаза́м)** пахруял бераз балагьизе; къимат кьезелъун валагьизе

ИЗМЕРЯ́ТЬ *несов. см.* **изме́рить**

ИЗМЕРЯ́ТЬСЯ *несов.* (*определяться какой-л. мерой*) борцине, *кинаб букIаниги* роцадалъун лъазе

ИЗМОЖДЁННЫЙ, -ая, -ое хIал (рух1) дагьлъараб, цIакъ загIиплъараб, кутакалда свакараб; **~ стари́к** хIал дагьлъарав херав

ИЗМОКА́ТЬ *несов. см.* **измо́кнуть**

ИЗМО́КНУТЬ *сов. разг.* биччизе; цIалтун биччизе; бизине; **~ на дожде́** цIадакъ цIалтун биччизе

ИЗМО́Р *м*: **взять ~ом** 1) хIал дагьлъизабун, босизе 2) *перен.* (*добиться чего-л. настойчивостью*) тIад чIун, нахъаса (тIаса) вичIичIого, мурад тIубазабизе(мурадалде щвезе)

И́ЗМОРОЗЬ *ж* (*род инея*) матI

И́ЗМОРОСЬ *ж* (*мелкий дождь*) хъухъ, гIисинккун щенолеб цIад; **осе́нняя ~** хасалихъе гIисинккун щенолеб цIад

ИЗМОТА́ТЬ *сов. кого-что* кутакалда сваказавизе; хIал дагьлъизабизе (лъугIизабизе); **~ врага́** тушманасул хIал, къуват дагьлъизабизе

ИЗМОТА́//ТЬСЯ *сов. разг.* цIакъ сваказе, хIал дагьлъизе (лъугIизе); тату хвезе (загьла бухIизе); **я совсе́м ~лся от э́той рабо́ты** гьаб хIалтIуца дир загьла бухIана (тату хвана)

ИЗМОЧА́ЛИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **измоча́лить(ся)**

ИЗМОЧА́ЛИТЬ *сов.* 1) *что* (*истрепать*) сам-самизабизе, бигъа-бичинабизе; **~ кнут** цIал сам-самизабизе (бигъа-бичинабизе) (*гIемер хIалтIизабун*) 2) *перен. разг.* (*измучить, утомить*) цIакъ гIакъуба кьезе, чIорто гIадин гьавизе

ИЗМОЧА́ЛИТЬСЯ *сов.* 1) (*о ткани и т.п.*) сам-самун хохозе, бигъа-бичине (*гIемер хIалтIизабун*) 2) *перен. разг.* (*измучиться, утомиться*) гIакъуба бихьизе, цIакъ сваказе, чIорто гIадин лъугьине

ИЗМУ́ЧЕНН//ЫЙ, -ая, -ое гIакъуба бихьарав, гIазабалде ккарав; цIакъ свакарав; **~ые ло́шади кое-как дошли́** гIакъуба бихьарал чуял хIалица щвана; **у него́ ~ый вид** досул цIакъ свакараб сипат-сурат бугоан

ИЗМУ́ЧИ//ТЬ *сов. кого* гIакъуба (гIазаб) кьезе, гIазаб кьун, хIал дагьлъизабизе; **жара́ ~ла нас** багIариялъ гIакъуба кьуна нижее

ИЗМУ́ЧИ//ТЬСЯ *сов.* гIакъуба бихьизе; кутакалда сваказе; **он ~лся от до́лгого ожида́ния** гIемер мехалъ балагьун чIезе ккеялъ дов свакана

ИЗМЫВА́ТЕЛЬСТВО *с см.* **издева́тельство**

ИЗМЫВА́ТЬСЯ *несов. см.* **издева́ться**

ИЗМЫ́СЛИТЬ *сов. что* 1) (*выдумать*) гьереси ургъун бахъизе 2) (*придумать, изобрести*) ургъун бахъизе, *щибниги жо* ургъизе

ИЗМЫШЛЕ́НИ//Е *с* **1.** (*по гл.* **измы́слить**) ургъун бахъи **2.** (*вымысел*) ургъун бахъараб жо; гьереси

ИЗМЫШЛЯ́ТЬ *несов. см.* **измыслить**

ИЗМЯ́Т//ЫЙ, -ая, -ое букIкI-букIкIараб; къечхъараб; **~ая оде́жда** букIкI-букIкIараб ретIел; **~ое крыло́** (*машины*) машинаялъул букIкI-букIкIараб крыло

ИЗМЯ́ТЬ *сов. что* (*сделать мятым*) букIкI-букIкIинабизе, къечхьинабизе; **~ пла́тье** гурде букIкI-букIкIинабизе; **~ траву́** гIурччинхер мерхьине

ИЗМЯ́ТЬСЯ *сов.* букIкI-букIкIине, къечхьине

ИЗНА́НК//А *ж* 1) бегунисарахъ; **~а мате́рии** ххамил бегунисарахъ 2) *перен. сундулниги* бахчараб рахъ; **~а собы́тий** лъугьа-бахъиназул бахчараб рахъ ◊ **с ~и** гьоркьияб, жанисеб рахъалдасан

ИЗНАСИ́ЛОВАНИЕ *с* (*по гл.* **изнаси́ловать**) хIал гьаби (*чIужугIаданалда*)

ИЗНАСИ́ЛОВАТЬ *сов. кого* хIал гьабизе (*чIужугIаданалда*)

ИЗНА́ШИВАЕМОСТЬ *ж* хохой; басралъи, хвей; **~ механи́змов** механизмаби басралъи, хвей (гIемер хIалтIизарун)

ИЗНА́ШИВАНИЕ *с* **1.** (*по гл.* **износи́ть**) басралъизаби, хохозаби, хвезаби **2.** (*по гл.* **износи́ться**) басралъи, хвей

ИЗНА́ШИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **износи́ть(ся)**

ИЗНЕ́ЖЕННОСТЬ *ж* гогьлъи; гьацлъи; къобихьичIолъи; цIакъго недегьлъи (хIеренлъи)

ИЗНЕ́ЖЕННЫЙ, -ая, -ое къо бихьичIев, гьацав, гогьав, цIакъго хIеренав (недегьав)

ИЗНЕ́ЖИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **изне́жить(ся)**

ИЗНЕ́ЖИТЬ *сов. кого-что* гогь гьабизе, гогьдаризабизе, къо хIехьолареблъун лъугьинабизе; **~ ребёнка** лъимер гогьдаризабизе

ИЗНЕ́ЖИТЬСЯ *сов.* гогьдаризе, гогьаб лъугьине, къо хIехьолареблъун лъугьине

ИЗНЕМОГА́//ТЬ *несов. см.* **изнемо́чь; я ~ю от жары́** багIариялъ дир хIал дагьлъула (тату хола)

ИЗНЕМОЖЕ́НИ//Е *с* хIал дагьлъи, тату хвей, къуват лъугIи; **рабо́тать до ~я** тату хвезегIан хIалтIизе; **набе́гаться до ~я** хIал дагьлъизегIан векерахъдизе

ИЗНЕМО́ЧЬ *сов.* хIал дагьлъизе, къуват лъугIизе, чучизе, загIиплъизе, тату хвезе, хIужат хвезе

ИЗНЕ́РВНИЧА//ТЬСЯ *сов.* нервал рагъаризе, нерваби дугъдараб хIалалде ккезе; **она́ ~лась в ожида́нии отве́та** жавабалъухъ ялагьун чIун, долъул нерваби рагъарана

ИЗНО́С *м разг.* **1.** (*по гл.* **износи́ть**) хвезаби; басралъизаби **2.** (*по гл.* **износи́ться**) хохой; басралъи; чIикIи; **~ обору́дования** тIагIел-алат (алат-кьайи) хвей, басралъи, чIикIи; **испыта́ние на ~** щулалъиялъул хIал бихьи; **до ~а** хохон лъугIизегIан; **не знать ~а** гIемер заманалъ чIикIичIого букIине

ИЗНОСИ́ТЬ *сов. что* гIемер ретIун, хохозабизе, чIикIизабизе; **~ сапоги́** гIемер ретIун, чакмаби хохозаризе, чIикIизаризе

ИЗНОСИ́//ТЬСЯ *сов.* 1) хохозе, хвезе, гIемер ретIун, басралъизе (хохозе); **шу́ба ~лась** тIимугъ, гIемер ретIун, хохона 2) *перен. разг.* (*одряхлеть*) херлъизе, замагадарлъизе

ИЗНО́ШЕНН//ЫЙ, -ая, -ое 1) хохораб; басралъараб; чIикIараб; **~ое обору́дование** басралъараб (хохораб, чIикIараб) тIагIел-алат 2) *перен. разг.* херлъараб, замагадарлъараб; **~ый органи́зм** херлъараб ургъимес

ИЗНУРЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **изнури́ть**) свакан тату хвезаби, свакан хIал дагьлъизаби **2.** (*истощение*) тIубан загIиплъи, хIал дагьлъи

ИЗНУРЁННЫЙ, -ая, -ое свакан хIал дагьлъарав; **~ челове́к** свакан хIал дагьлъарав, тату хварав чи

ИЗНУРИ́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое хIал дагьлъизабулеб; чIамучIаб; биза́раб; **~ая боле́знь** бизараб унти, рухI бахъизабулеб унти

ИЗНУРИ́//ТЬ *сов. кого-что* свакан рухI (хIал) дагьлъизабизе (тIагIинабизе); бизар гьавизе; **боле́знь ~ла его́** унтуца рухI (хIал) дагьлъизабуна досул, унтуца бизар гьавуна дов; **тяжёлая рабо́та ~ла ло́шадь** захIматаб хIалтIуца чодул рухI бахъизабуна, тату хвезабуна

ИЗНУРИ́ ТЬСЯ *сов.* свакан рухI (хIал) лъугIизе (дагьлъизе)

ИЗНУРЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **изнури́ ть(ся)**

ИЗНУТРИ́ *нареч.* (*с внутренней стороны*) жанисан, жанисахун; **дверь за́перта ~** нуцIа жанисан рахан буго

ИЗНЫВА́ТЬ *несов.* гIакъуба бихьизе (кьезе), инагьдизе, гIазаб чIамизе, бизарлъизе; **~ от жары́** багIариялъ гIакъуба кьезе; **~ от ску́ки** чIалгIеналъ гIакъуба кьезе, бизарлъизе

ИЗНЫ́ //ТЬ *сов. см.* **изнывáть; вся душá ~ла** тIолабго ракI инагьдана

ИЗО *предлог см.* **из; ~ дня в день** къойидаса къойиде; **~ всех сил** бугеб къуваталъ, бугеб рухIалъ

ИЗОБА́РА *ж геофиз.* изобара (*картаялда атмосфераялъул цого тIадецуй бугел бакIал рихьизарулеб мухъ*)

ИЗОБИ́ЛИ//Е *с* гьарзалъи; **у нас в ~и расту́т лека́рствен-ные тра́вы** нижехъ (нижер бакIалда) гьарзаго рижула даруял хурдул ◊ **как из ро́га ~я** цIакъ кIудияб гьарзалъиялда, цIакъ гьарзаго, гIурхъи-рахъго гьечIого

ИЗОБИ́ Л//ОВАТЬ *несов. кем-чем* гьарзалъизе, гIемерлъизе, гIемер (гьарзаго) букIине; **о́зеро ~ует ры́бой** хIориниб ччугIа гьарзаго буго; **этот край ~ует зве́рем** гьаб ракьалда гIалхул хIайванал гIемер руго

ИЗОБИ́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое гьарзияб, гIемер бугеб, баракат бугеб; **земля́ была́ ~ой** ракь баракат бугеб букIана; **~ая расти́ -тельность** гьарзияб гъветI-хер; **райо́н, ~ый леса́ми** рохьал гьарзияб район (ракь)

ИЗОБЛИЧА́//ТЬ *несов.* 1) *см.* **изобличи́ть** 2) *кого-что в ком-чем* (*обнаруживать*) загьир гьабизе; бихьизабизе: **его́ речь ~ла в нём знатока́ литерату́ры** досул кIалъаялъ загьир гьабулеб буго дов адабият лъикI лъалеб чи вукIин; **все ~ло в нём охо́тника** киналъго загьир гьабулеб буго дов чанахъан вукIин

ИЗОБЛИЧЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **изобличи́ть**) тIатинави, загьир гьави; къватIив чIвазави; **~ престу́пника** такъсирчи къватIив чIвазави

ИЗОБЛИЧИ́ТЕЛЬ *м* жинца тIатинабулев (загьир гьабулев, къватIив чIвазабулев) чи; **~ поро́ков** гIунгутIаби (гIайибал) тIатинарулев чи

ИЗОБЛИЧИ́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое тIатинабулеб, загьир гьабулеб, къватIир чIвазарулеб; **~ые докуме́нты** къватIир чIвазарулел документал

ИЗОБЛИЧИ́ТЬ *сов. кого-что* тIатинавизе, загьир гьавизе, къватIив чIвазавизе; **~ взя́ точника** ришватчи къватIив чIвазавизе

ИЗОБРАЖА́//ТЬ *несов. см.* **изобразить; карти́ на ~ет охо́ту** сураталъ чан гьаби бихьизабулеб буго (сураталда чан гьаби ба-хъун буго)

ИЗОБРАЖА́ТЬСЯ *несов. см.* **изобрази́ ться**

ИЗОБРАЖЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **изобрази́ ть**) бихьизаби, сипат-сурат бихьизаби; **~ действи́тельности** хIакъикъат бихьизаби **2.** (*по гл.* **изобрази́ться**) сурат (сипат-сурат) лъугьин (бихьи); **~ в зе́ркале** матIуялъуб сурат бихьи **3.** (*картина, отражение*) сурат, сипат-сурат; **ка́менное ~** ганчIил гьабураб сурат

ИЗОБРАЗИ́ ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое сурат (сипат-сурат) гьабун, бихьизабулеб; **~ые сре́дства** сипат-сурат гьабиялъулал ресал; **~ые иску́сства** сурат гьабун, бихьизабулел искусстваби

ИЗОБРАЗИ́//ТЬ *сов.* 1) *кого-что* сурат чIезабизе, сипат-сурат гьабизе (бихьизабизе), сурат (сипат-сурат) гьабун, бихьизабизе; **~ть бушу́ющее мо́ре** багъарараб ралъад (сипат-сурат гьабун) бихьизабизе 2) *что* (*выразить*) загьир гьабизе; **его лицо́ ~ло трево́гу** досул гьурмаца рахIатхвей загьир гьабуна

ИЗОБРАЗИ́//ТЬСЯ *сов.* загьирлъизе, тIатине, лъалеблъун лъугьине, къватIибе лъазе; **на его́ лице́ ~лось удивле́ние** досул гьурмада тамашалъи загьирлъана

ИЗОБРЕСТИ́ *сов. что* ургъун бахъизе (*цибниги цIияб жо*); **~ но́вую маши́ ну** цIияб машина ургъун бахъизе (ургъизе)

ИЗОБРЕТА́ТЬ *сов. см.* **изобрести́**

ИЗОБРЕТА́ТЕЛЬ *м* цIияб жо ургъун бахъулев чи; **~ ра́дио** радио ургъун бахъарав чи

ИЗОБРЕТА́ТЕЛЬНОСТЬ *ж* цIияб жо ургъун бахъун бажари, цIияб жо ургъун бахъизе бугеб махщел (пагьму, гьунар); **прояви́ ть ~** цIияб жо ургъун бахъизе бугеб гьунар загьир гьабизе

ИЗОБРЕТА́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое ургъун цIияб жо бахъун бажарулеб; пагьмуяб, лебалаб, цIодораб; **~ ум** цIодораб (лебалаб, ургъун цIияб жо бахъун бажарулеб) гIакълу

ИЗОБРЕТА́ТЕЛЬСТВО *с* ургъун цIияб жо бахъи

ИЗОБРЕТЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **изобрести́**) цIияб жо ургъун бахъи **2.** (*изобретённая вещь*) ургъун бахъараб цIияб жо; **поле́зное ~** пайдаяб ургъун бахъараб жо

ИЗО́ГНУТЫЙ, -ая, -ое гьетIизабураб, гьетIараб, хьетIизабураб, хьетIараб, къулизабураб

ИЗОГНУ́ ТЬ *сов. кого-что* кIичIизабизе, гьетIизабизе, хьетIизабизе, къулизабизе; **~ спи́ ну** мугъ къулизабизе

ИЗОГНУ́ ТЬСЯ *сов.* гьетIизе, хьетIизе, къулизе, кIичIизе

ИЗО́ДРАНН//ЫЙ, -ая, -ое тIутIу-хъухъураб, бихъ-бихъараб, багъ-багъараб; **~ые штаны́** бихъ-бихъараб (багъ-багъараб) тIажу

ИЗОДРА́ТЬ *сов. что разг.* тIутIузабизе, бихъ-бихъизабизе, пара-пара гьабизе

ИЗОДРА́ТЬСЯ *сов.* 1) (*истрепаться*) тIутIузе, бихъ-бихъизе 2) (*исцарапаться*) хъарс-хъарсизе

ИЗОЙТИ́ *сов.*: **~ кро́вью** гIемер би чвахун, хIал дагьлъизе; **~ слеза́ми** гIемер гIодиялъ (гIодун) тату хвезе, хIал дагьлъизе

ИЗОЛГА́//ТЬСЯ *сов.* гьерсиде ругьунлъизе, гьерсихъан лъугьине; **он совсе́м ~лся** дов тIуван гьерсихъан лъугьана

ИЗОЛИ́РОВАННО *нареч.* батIа тIун; **~ от други́ х** цогиздаса батIа тIун; **жить ~** батIа тIун гIумру гьабизе

ИЗОЛИ́ РОВАННОСТЬ *ж* 1) батIа тIей, батIа тIун букIин; **~ помеще́ния** рукъ батIа тIун букIин 2) *тех.* изоляция гьабун букIин; **~ проводо́в** маххул кварязда изоляция букIин

ИЗОЛИ́ РОВАНН/ЫЙ, -ая, -ое 1) (*отдельный*) батIа тIураб; **~ая ко́мната** батIа тIураб рукъ 2) (*единичный*) янгъизаб, цохIо бугеб, цохIогояб; **~ый факт** цохIогояб (цохIо бугеб) хIужжа 3) *тех.* изоляция бугеб, изолировать гьабураб; **~ый ка́бель** изолировать гьабураб кабель (токалдаса батIа гьабураб)

ИЗОЛИ́РОВАТЬ *сов. и несов.* 1) *кого-что* батIа тIезабизе, батIа тезе; **~ больно́го от здоро́вых** унтарав сахаздаса батIа тIезавун тезе 2) *что тех.* изолировать гьабизе; **~ электри́ческий про́вод** электрикалъул квар изолировать гьабизе

ИЗОЛИ́РОВАТЬСЯ *сов. и несов.* батIа тIун букIине; **~ от окружа́ющей среды́** сверухълъиялдаса батIа тIун букIине

ИЗОЛЯ́ТОР *м* изолятор (1 *электрикалъул ток гьоркьосан хьвадуларе материал;* 2 *электрикалъул ток гьоркьосан хьвадуларе чинидул ялъуни цIорол ролик;* 3 *бахунеб унтуца унтарал ялъуни цоги чагIи батIаго цIунулеб бак1)*

ИЗОЛЯЦИО́НН//ЫЙ, -ая, -ое изоляциялъул(аб), изоляция гьабулеб, изоляциялъе бугеб; **~ая ле́нта** изоляциялъул чалу

ИЗОЛЯ́ ЦИ//Я *ж* **1.** (*по гл.* **изоли́ ровать**) батIа тIезаби; изолировать гьаби; **~я больно́го** унтарав батIа тIезавун тей; **~я проводо́в** маххул кварал изолировать гьари **2.** (*по гл.* **изоли́-роваться**) батIа тIун чIей (ккей), батIа тIей **3.** *эл.* изоляция; **рези́ -новая ~я** резиналъул изоляция

ИЗОМЕ́РЫ *мн.* (*ед.* **изоме́р** *м*) *хим.* изомерал

ИЗОМОРФИ́ ЗМ *м хим.* изоморфизм (*химияб составалъул ва кристаллазул формаялъул рахъалъ цого гIадал жалаз хисарулеб составалъул цолъиял кьолеб хасият*)

ИЗОМО́РФНЫЙ, -ая, -ое *мин., хим.* изоморфияб

ИЗО́РВАННЫЙ, -ая, -ое тIутIураб, хохораб, бихъ-бихъараб, пара-пара гьабураб

ИЗОРВА́ТЬ *сов. что* бихъ-бихъизе, тIутIузе, бихъ-бихъун базе, пара-пара гьабизе; **~ письмо́** кагъат бихъ-бихъун базе; **~ что-л. в кло́чья** *щибниги жо* бихъ-бихъун кескал гьаризе

ИЗОРВА́//ТЬСЯ *сов.* бихъ-бихъизе, бихъ-бихъун ине; тIутIузе, тIутIун ине; пара-пара лъугьине; **оде́жда ~лась** ретIел бихъ-бихъун ана

ИЗОТЕ́РМА *ж геофиз.* изотерма (*цого гьоркьохъеб хинлъи-цIорой бугел бакIал цоцада рухьине географияб картаялда гьабураб мухъ*)

ИЗОТЕРМИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое 1) *физ.* цого хинлъи-цIорой бугеб, цого хинлъи-цIорояльул 2) (*холодильный*) цого цо ккураб хинлъи-цIорой цIунулеб; **~ ваго́н** цо ккураб хинлъи-цIорой цIунулеб вагон-холодильник

ИЗОТО́ПЫ *мн.* (*ед.* **изото́п** *м*) *хим.* изотопал (*атомияб цIавудалъун цоцадаса ратIалъулел цого химиял элементал*)

ИЗОЩРЁННОСТЬ *ж* кутакаб лебаллъи, цIодорлъи; **~ умá** гIакълудул бегIерлъи, лебаллъи; **~ слýха** кутакалда гIинда цIодорлъи; **~ зрéния** цIакъ берал цIодорлъи

ИЗОЩРЁНН//ЫЙ, -ая, -ое цIакъ цIодораб (лебалаб, бегIераб); **~ый ум** цIакъ лебалаб (бегIераб) гIакълу; **~ый слух** цIакъ цIодораб гIин; **~ое зрéние** цIакъ цIодорал берал

ИЗОЩРИ́ТЬ *сов. что* лебаллъизабизе, бегIераблъун (цIодораблъун) гьабизе; **~ слух** гIинда цIодорлъи гьабизе; **~ ум** гIакълу цIакъ бегIерлъизабизе

ИЗОЩРИ́//ТЬСЯ *сов.* 1) (*стать более восприимчивым*) бегIерлъизе, цIодорлъизе; 2) (*дойти до совершенства*) камиллъизе (*махщел*); **~ться в вы́думках** батIи-батIиял жал ургъун рахъизе махщел камиллъизе (гIезе); нахъгIунтIизе

ИЗОЩРЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **изощри́ ть(ся)**

ИЗ-ПОД *предлог с род. п.* 1) (*откуда*) гъоркьа; **вы́двинуть чемода́н ~ крова́ти** кроваталда гъоркьа чемодан къватIибе цIазе 2) (*для*) жаниб букIараб; **буты́ лка ~ молока́** рахь жаниб букIараб шиша ◊ **он ро́дом ~ Пе́нзы** дов ккола Пензаялда гIагарлъухъа (аскIоса); **освободи́ ть ~ стра́жи** жанив тIамуралъуса эркен гьавизе; ◊ **~ но́са** берда цебеса(н); **~ па́лки** тIилил гIадлуялдалъун, бокьичIониги, хIалица (гьабизе) тIамун

ИЗРАЗЕ́Ц *м* кафель (*тIаде чини биччараб щагIил къоно*)

ИЗРАЗЦО́В//ЫЙ, -ая, -ое кафелалъул; **~ая печь** кафель тIад ккураб печь

ИЗРА́ИЛЬСКИЙ, -ая, -ое Израилалъул

ИЗРАИЛЬТЯ́НЕ *мн.* израилалъулал

ИЗРАИЛЬТЯ́НИН *м* израилалъулав

ИЗРАИЛЬТЯ́НКА *ж* израилалъулай

ИЗРА́НИТЬ *сов. кого-что* лъукъ-лъукъизе, лъукъ-лъукъун рехизе, ругъназул цIезабизе

ИЗРАСХО́ДОВАТЬ *сов. что* харж гьабизе; **~ де́ньги** гIарац харж гьабизе

И́ЗРЕДКА нареч. 1) (*иногда*) къанагIат, нагагь-надир; **он ~ заходи́ л к нам** дов нагагь-надир ваккулаан нижехъе; **~ получа́ть письма** кагъат къанагIат бачIине 2) (*кое-где*) бакI-бакIалда; гьоркьо-гьоркьоб

ИЗРЕ́ЗАННЫЙ, -ая, -ое къотI-къотIараб, гIанлъ-гIанлъараб; **~ бе́рег** къотI-къотIараб ругIал (*гIурул, хIорил, ралъдал*)

ИЗРЕ́ЗА//ТЬ *сов.* 1) *кого-что* (*на части*) къотI-къотIизе, бусс-буссизе; **~ть матéрию** ххам къотI-къотIизе 2) *что* (*испортить при резании*) къотI-къотIун базе, бусс-буссун базе (*къотIулаго, лъутIулаго хвезабизе*) 3) *что перен.* къотI-къотIизе; **ме́стность, ~нная кана́лами** каналаз къотI-къотIараб бакI (ракь)

ИЗРЕ́ЗАТЬСЯ *сов. разг.* къотI-къотIун, гIанлъ-гIанлъун ине

ИЗРЕКА́ТЬ *несов. см.* **изре́чь**

ИЗРЕЧЕ́НИ//Е *с* калам; къокъго, чанго бегIераб ругIудалъун абураб гъваридаб пикру; **~я вели́ ких люде́й** кIудиял (машгъурал) гIадамазул гIакъилал ругIаби

ИЗРЕ́ЧЬ *сов. что ирон.* абизе, бицине, кIалъазе

ИЗРЕШЕТИ́ТЬ *сов. кого-что* картIахинабизе, борлъ-борлъизе, борлъ-борлъун цIалкIу гIадин гьабизе; **~ пу́лями** гулбуз картIахинабизе, цIалкIу гIадин гьабизе

ИЗРЕШЕ́ЧИВАТЬ *несов. см.* **изрешети́ ть**

ИЗРИСОВА́//ТЬ *сов. что* суратаз цIезабизе, суратал рахъун, цIезабизе; **малы́ш ~л весь альбо́м** гьитIичица тIолабго альбом суратаз цIезабуна

ИЗРИСО́ВЫВАТЬ *несов. см.* **изрисова́ть**

ИЗРУБИ́ //ТЬ *сов.* 1) *кого-что* (*на мелкие части*) къотI-къотIизе, къотI-къотIун гIисин гьабизе; буссизе, бусс-буссизе; хъвалхъ-хъвалхъине; **~ть мя́со** гьан буссизе 2) *кого* (*что*) къотI-къотIун вазе (чIвазе), лага-лага батIа гьабизе; **кавалери́сты ~ли врага́** рекIараз тушман къотI-къотIун вана

ИЗРУГА́ТЬ *сов. кого разг.* квеш семизе (хьандезе)

ИЗРЫГА́//ТЬ *несов. что разг.* 1) лагIизе; жиндаго жаниса къватIибе рехизе (буризабизе); **тру́бы ~ли клу́бы ды́ма** тIулбуз кIкIуйдул гIомо-гарал къватIире рехулел рукIана 2) *перен.* (*ругательства*) абизе (*хьамиялъул, рогьодул, нагIанадул рагIаби*); **~ть прокля́ тия** нагIана кьезе

ИЗРЫ́Т//ЫЙ, -ая, -ое 1) бухъ-бухъараб, бухъ-бухъун бараб, бухъа-хъирщараб, гвендахараб; **~ые доро́ги** гвендахарал нухал 2) *перен.* тIадерахъиялъ квараб; **~ое о́спой лицо́** тIадерахъиялъ квараб гьумер

ИЗРЫ́//ТЬ *сов. что* гвендахинабизе, бухъ-бухъизе, бухъ-бухъун базе, бухъа-хъирщизе; **снаря́ ды ~ли по́ле** гIарададул гулбуз ракь бухъ-бухъун бана

ИЗРЯ́ДНО *нареч. разг.* гIемер; гIезегIан, лъикIаланго; **~ уста́ть** лъикIаланго сваказе

ИЗРЯ́ ДН//ЫЙ, -ая, -ое *разг.* (*значительный*) кIудияб; гIемераб; гIезегIанаб; **~ая су́мма де́нег** гIарцул гIезегIанаб къадар; **~ое расстоя́ ние** кIудияб (гIураб) манзил

ИЗУВЕ́Р *м* 1) *рел.* жанаварав фанатик 2) (*жестокий человек*) рахIму (инсанлъи) тIагIарав чи; **фаши́стские ~ы** фашистазул рахIму (инсанлъи) тIагIарал жанаварал

ИЗУВЕ́РКА *ж женск.* от **изуве́р**

ИЗУВЕ́РСКИЙ, -ая, -ое 1) *рел.* (*фанатичный*) фанатикияб 2) *перен.* (*жестокий*) рахIму тIагIараб, цIоб гьечIеб; **~ посту́пок** рахIму тIагIараб (гьечIеб) иш

ИЗУВЕ́РСТВО *с* 1) *рел.* (*фанатизм*) диниябе фанатизм 2) (*жестокость*) рахIму (цIоб) тIагIин, вахIшилъи

ИЗУВЕ́ЧИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **изуве́чить(ся)**

ИЗУВЕ́ЧИТЬ *сов. кого-что* сакъат (гIайиб, гIажиз) гьавизе

ИЗУВЕ́ЧИТЬСЯ *сов.* сакъатлъизе, гIажизлъизе

ИЗУКРА́СИТЬ *сов. кого-что разг.* 1) (*украсить со всех сторон*) къачIазе, чIухIизабизе; **~ цвета́ми** тIугьдуз чIухIизабизе 2) *разг. ирон.* (*испачкать, испортить*) чорок гьабизе, хвезабизе; **~ лицо́ са́жей** лахIуца гьумер берцин гьабизе *(чорок гьабизе, хвезабизе)*

ИЗУКРА́ШИВАТЬ *несов. см.* **изукра́сить**

ИЗУМИ́ ТЕЛЬНО *нареч.* гIажаибго, тамашаго, цIакъ берцинго; **она́ ~ поёт** долъ цIакъ берцинго ахIула кечI

ИЗУМИ́ ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое хIайранлъизарулеб, гIажаибаб, тамашаяб; **~ая красота́** хIайранлъизарулеб (гIажаибаб) берцинлъи

ИЗУМИ́ //ТЬ *сов. кого-что* гIажаиблъизаризе, тамашалъизаризе, хIайранлъизаризе; **меня ~ла её красота́** долъул берцинлъиялъ дун хIайранлъизавуна

ИЗУМИ́ТЬСЯ *сов.* гIажаиблъизе, тамашалъизе, хIайранлъизе, риххун хутIизе

ИЗУМЛЕ́НИЕ *с* гIажаиблъи, тамашалъи, хIайранлъи, риххун хутIи; **смотре́ть с ~м** хIайранлъун балагъун хутIизе

ИЗУМЛЁНН//ЫЙ, -ая, -ое гIажаиблъараб, хIайранлъараб, виххун (тамашалъун) хутIараб; **~ые глаза́** хIайранлъарал берал

ИЗУМЛЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **изуми́ ть(ся)**

ИЗУМРУ́ Д *м* зумруд (*зубаржат*) (*канчIгIурччинаб кьералъул гъорлъан канлъи бихъулеб багьа хирияб гамач1)*; **кольцо́ с ~ом** зумрудалъул нагIли бугеб баргъич

ИЗУМРУ́ДН//ЫЙ, -ая, -ое 1) зумрудалъул; **~ый пе́рстень** зумрудалъул нагIли бугеб баргъич 2) (*о цвете*) зумрудалъул кьераб, зумрудалъул кьер бугеб; **~ая вода́** канчIгIурччинаб лъим

ИЗУРО́ДОВАНН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*обезображенный*) сурукълъизабураб, бегIукълъизабураб; **~ое лицо́** сурукълъизабураб (бегIукълъизабураб) гьумер 2) *перен.* (*испорченный*) хвезабураб, хвараб, жагъаллъараб; **~ая пси́хика** жагъаллъараб психика (гIамал-хасият)

ИЗУРО́ДОВАТЬ *сов. кого-что* 1) (*обезобразить*) бегIукълъизабизе, сурукълъизабизе 2) *перен.* (*испортить*) хвезабизе, жагъаллъизабизе

ИЗУЧА́ТЬ *несов.* 1) *см.* **изучи́ ть** 2) *что* (*быть занятым изучением чего-л.*) лъазабизе; **~ языки́** мацIал лъазаризе

ИЗУЧЕ́НИ//Е *с* (*по гл.* **изучи́ ть**) лъазаби, цIех-рех гьаби; **~е языко́в** мацIал лъазари; **~е ме́стности** бакI лъазаби, бакIалъул цIех-рех гьаби; **~е архи́ вных докуме́нтов** архивиял документазул цIех-рех гьаби, архивиял документал лъазари; **предме́т ~я** лъазабулеб (цIех-рех гьабулеб) предмет

ИЗУЧИ́ //ТЬ *сов. кого-что* 1) (*освоить*) лъазабизе; **~ть иностра́нный язы́ к** къватIисеб улкаялъул мацI лъазабизе 2) (*научно исследовать*) цIех-рех гьабизе; **~ть ру́копись** кверал хъвараб асаралъул гIелмияб цIех-рех гьабизе 3) (*обследовать*) хал гьабун, лъазабизе; **~ть ме́стность** бакI, хал гьабун, лъазабизе 4) (*узнать,*

понять) лъазе, бичIчIизе, бичIчIун лъазе; **я ~л его́ хара́ктер** дида бичIчIана (лъана) гъосул хасият

ИЗЪ- *см.* **из-**

ИЗЪЕ́ЗДИТЬ *сов. что* рекIун сверизе (хьвадизе, гIемераб бакIалде щвезе); **~ всю страну́** рекIун тIолабго улка сверизе

ИЗЪЕ́ЗЖЕНН//ЫЙ, -ая, -ое 1) гIемер рекIун хьвадараб, хIатIикьан биччараб (*бак1)*; **~ые мно́ю места́** дица хIатIикьан риччарал бакIал 2) (*о дороге*) гIемер тIасан хьвадун, хвараб (*нух*)

ИЗЪЕ́//СТЬ *сов. что* 1) (*испортить*) кванан (ххенон) хвезабизе; **моль ~ла кара́куль** ицалъ тахта кванан хвезабуна; **жучо́к ~л ме́бель** хIапараялъ мебель ххенон хвезабуна 2) (*о едких веществах*) бухIизабизе, туризабизе; **кислота́ ~ла ткань** кислотаялъ ххам туризабуна (бухIизабуна)

ИЗЪЯВИ́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое: **~ое наклоне́ние** *грам.* глаголалъул хабарияб наклонение

ИЗЪЯВИ́//ТЬ *сов. что* лъазабизе, загьир гьабизе, бицине, абизе; **~л жела́ние** бокьи (бокьун букIин) загьир гьабизе

ИЗЪЯВЛЕ́НИЕ *с* лъазаби, загьир гьаби, бицин, аби; **~ благода́рности** ракI разилъи загьир гьаби, баркала кьей

ИЗЪЯВЛЯ́ ТЬ *несов. см.* **изъяви́ ть**

ИЗЪЯ́ Н *м* гIунгутIи, багьана, жагъаллъи, мукъсанлъи; **това́р с ~ом** жагъаллъи бугеб къайи

ИЗЪЯСНИ́ ТЬ *сов. что уст.* бичIчIуледухъ баян гьабизе

ИЗЪЯСНИ́ ТЬСЯ *сов.* бицун бичIчIизабизе

ИЗЪЯСНЯ́ ТЬСЯ *несов. см.* **изъясни́ ть(ся)**

ИЗЪЯ́ТИЕ *с* (*по гл.* **изъя́ть**) нахъе рехи (боси), бахъи; **~ из прода́жи** дармидаса бахъи, бичизе гьукъи

ИЗЪЯ́ ТЬ *сов. что* гьукъизе, нахъе рехизе (босизе), бахъизе; **~ кни́гу из прода́жи** тIехь бичизе гьукъизе (бичулелъуса нахъе босизе)

ИЗЫМА́ТЬ *несов. см.* **изъя́ ть**

ИЗЫМУ́ , ИЗЫМЕШЬ *и т.д. буд. от* **изъя́ ть**

ИЗЫСКА́НИ//Е *с* **1.** (*по гл.* **изыска́ть**) цIех-рех гьабун, балагьи; балагьун (тIалаб гьабун) бати; **~е средств на постро́йку больни́ цы** больница базе гIарац балагьи **2.** *мн.* **~я** (*предварительные исследования*) (цереккун гьарулел) цIех-рехал; **геологи́ ческие ~я** геологиял цIеха-рехеял

ИЗЫ́ СКАННОСТЬ *ж* 1) назуклъи, исбагьилъи, чIурканлъи; **~ наря́да** ратIлил назуклъи; **~ вку́са** татуялъул назуклъи 2) тIаса бищизе лъай

ИЗЫ́СКАНН//ЫЙ, -ая, -ое чIурканаб, назукаб, исбагьияб, чIухIараб, тIаса бищараб; **~ые мане́ры** назукаб рагъа-рачари

ИЗЫСКА́ТЕЛЬ *м* цIех-рех гьабулев чи; **инжене́р-~** цIех-рех гьабулев инженер

ИЗЫСКА́ТЕЛЬСК//ИЙ, -ая, -ое цIех-рех гьабиялъулаб; **~ая па́ртия** цIех-рех гьабиялъулаб (гьабулеб) партия; **~ие рабо́ты** цIех-рех гьабиялъулал хIалтIаби

ИЗЫСКА́ТЬ *сов. что* балагьун (тIалаб гьабун) батизе; букIинабизе; **~ сре́дства на постро́йку шко́лы** школа базе гIарац балагьизе, тIалаб гьабизе, щвезабизе

ИЗЫ́ СКИВАТЬ *несов. см.* **изыска́ть**

ИЗЮ́ М *м* кишмиш

ИЗЮ́ МИНА *ж* кишмишалъул цо горо

ИЗЮ́ МИНКА *ж* 1) *уменьш. от* **изю́ м** 2) *перен.*: **в ней есть** ~ долъулъ цо рекIее бокьулеб хасият буго

ИЗЯ́ ЩЕСТВО *с* берцинлъи, чIурканлъи, гьайбатлъи

ИЗЯ́ЩНО *нареч.* чIурканго, гьайбатго, берцинго; **он ~ оде́т** дов гьайбатго, берцинго ретIа-къан вуго

ИЗЯ́ ЩНОСТЬ *ж* берцинлъи, чIурканлъи, гьайбатлъи

ИЗЯ́ ЩН//ЫЙ, -ая, -ое **1.** берцинаб, чIурканаб, гьайбатаб; **~ое пла́тье** гьайбатаб гурде; **~ая фигу́ра** чIурканаб лага **2.** *в знач. сущ.* **~ое** *с* берцинлъи, гьайбатлъи, чIурканлъи; **чу́вство ~го** берцинлъи лъай (би́чIчIи)

ИКА́НИЕ *с* (*по гл.* **ика́ть**) гьекIди

ИКА́ТЬ *несов.* гьекIдизе

ИКНУ́ ТЬ *однокр. к* **ика́ть**

ИКО́НА *ж* икона (*христианазул аллагьасул яги шайихасул гьабураб сурат*)

ИКОНОПИ́ СЕЦ *м* иконал гьарулев чи

ИКОНОПИ́ СНЫЙ, -ая, -ое иконал гьарулеб (рахъулеб)

И́ КОНОПИСЬ *ж* иконал гьари *(диниябазул живописалъул тайпа)*

ИКОНОСТА́С *м* иконостас (*килисаялъуб иконал рараб къед*)

ИКО́ТА *ж см.* **ика́ние**

ИКР//А́ *ж* икра 1) ччугIил икра 2) гIисин гьабун буссараб овощазул, пер-хералъул квен; **мета́ть ~у** икра биччазе; **кето́вая ~а** кета ччугIил икра; **баклажа́нная ~а** баклажаназул икра; **грибна́я ~а** гIурдахIаназул икра

ИКРОМЕТА́НИЕ *с* икра биччай (*ччугIица*)

И́ КР//Ы *мн.* (*ед.* **~а́** *ж*) мачIчIалзул ччобрал

ИКС *м мат.* икс

ИЛ *м* щалай, хIари (*гIурул, хIорил тIинда ккколеб*)

И́ ЛИ *союз* 1) *разд.* я, ялъуни, яги; **за́втра ~ послеза́втра** метер ялъуни сезе; **он ~ друго́й?** довищ яги цогиявищ? **~ там, ~ здесь** я доба, я гьаниб 2) *присоед.* ва, гьединго; **на дне рек, озёр ~ море́й** гIоразул, хIоразул ва ралъадазул тIинда 3) *поясн.* (*то есть*) ай; **аэропла́н, ~ самолёт** аэроплан, ай самолет 4) *вопр.* (*разве*) -ищ; **~ ты не зна́ешь его́?** дуда дов лъаларогойищ? 5) *против.* (*иначе*) гурони; **уйми́ сь, ~ ху́до бу́дет** мун чIа, гурони квеш ккела

И́ ЛИСТ//ЫЙ, -ая, -ое щалайдул(аб), щалай бугеб; **~ое дно пру́да** хIорил щалай чIараб тIину

ИЛЛЮ́ ЗИ//Я *ж* 1) (*обман чувств*) иллюзия (*хIакъикъаталда бугилан, уябилан ккколеб хиял*); **опти́ческая ~я** оптикияб иллюзия 2) *перен.* (*несбыточная мечта*) тIубалареб хьул; жиндицаго живго гуккулеб анищ; **стро́ить себе́ ~и** анищазул хур бекьизе

ИЛЛЮЗО́РН//ЫЙ, -ая, -ое хиялияб, гуккулеб, тIубалареб, анищалъулаб; **~ые наде́жды** тIураларел (гуккулел, хиялиял) хьулал

ИЛЛЮМИНА́ТОР *м мор.* иллюминатор (*гамида, самолеталда гъункун къараб горду*)

ИЛЛЮМИНА́ЦИЯ *ж* иллюминация (*байрам къоялде къватIал гвангъизарун къачIай*)

ИЛЛЮМИНИ́ РОВАТЬ, ИЛЛЮМИНОВА́ТЬ *сов. и несов. что* иллюминация гьабизе, чирахъаз гвангъизабун къачIазе

ИЛЛЮСТРА́ТОР *м* иллюстратор (*иллюстрациялъул художник*)

ИЛЛЮСТРА́ЦИ//Я *ж* **1.** (*по гл.* **иллюстри́ровать**) иллюстрация, цебе лъун, бихьизаби, сураталдалъун бихьизаби; **~я книг** тIахьазе иллюстрация гьаби, тIахьазул текстазе сураталдалъун баян кьей **2.** (*рисунок*) сурат; **журна́л с ~ями** суратал ругеб журнал 3. *перен.* (*пример*) мисал; **служи́ть ~ей** *чего-л. сундулниги* мисаллъун букIине

ИЛЛЮСТРИ́ РОВАННЫЙ, -ая, -ое иллюстрация бугеб, сураталдалъун баян кьураб, суратал ругеб; **~ журна́л** суратал ругеб журнал

ИЛЛЮСТРИ́ РОВАТЬ *сов. и несов.* 1) сураталдалъун бихьизабизе 2) *перен.* (*привести примеры*) мисал бачине, мисалалда-лъун баян гьабизе

ИЛЬ *союз разг. см.* **и́ ли**

ИМА́М *м мус.* имам

ИМЕ́НИЕ *с* имение (*помещикасул мулк, мина, ракь бугеб бак1)*

ИМЕНИ́ ННИК *м* именинник (*живго гьавураб къо кIодо гьабулев чи*); **он сего́дня ~** жакъа дов именинник ккола ◊ **вы́ глядеть ~ом** аваданго, разиго вихьизе

ИМЕНИ́НЫ *мн.* именины (*христианазул цIарлъовул байрам*); **справля́ ть ~** именины гьабизе, нухда тIамизе

ИМЕНИ́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое: **~ паде́ж** *грам.* именительный падеж

ИМЕНИ́ ТЫЙ, -ая, -ое цIар арав (рагIарав), къадру тIокIав; **~ гость** къадру тIокIав гьобол

И́ МЕННО 1. *частица* (*как раз*) цIар ккун; гьеле; **~ он** гьеле гьев, батIияв чи гурев; **~ так** гьеле гьединха; **~ об э́ том идёт речь** гьеле гьелъул хIакъалъулъ буго хабар **2.** *в знач. союза* (*при перечислении*) масала; **фру́кты, а ~: я́блоки, гру́ши, сли́ вы** пихъ, масала: гIеч, гени, кокон; **~ кто** (*из них*)? цIар ккун абуни, щив (*гьездаса*)?; **вот ~!** гьеб гурищха!

ИМЕНН//О́Й, -а́я, -о́е 1) цIар чIвараб, тIад цIар хъван, кьураб; **~ой про́пуск** тIад цIар хъван, кьураб пропуск 2) *грам.* цIару-

лаб; **~ое склоне́ние** цIарулаб свери, хиси (*падежазде*) ◊ **~ой спи́ -сок** цIар-цIар ккун гьабураб сияхI, цIаразул сияхI

ИМЕНОВА́ТЬ *несов. кого-что* цIар лъезе, (чIвазе, абизе)

ИМЕНОВА́ТЬСЯ *несов.* цIар лъун букIине (*лъиданиги- сунданиги*); **~ Серге́ем** Сергейилан цIар лъун букIине

ИМЕ́ТЬ *несов. кого-что* букIине; **~ при себе́ па́спорт** кодоб (цадахъ) паспорт букIине; **~ де́ньги** гIарац букIине; **~ детей́** лъимал рукIине; **~ маши́ну** машина букIине; **он име́ет два о́рдена** досул кIиго орден буго; **~ фо́рму ша́ра** шаралъул форма букIине; **~ успе́х** бергьенлъи щвезе; бокьизе *лъиениги*, разилъизе *щалниги сунданиги*; **~ бу́дущее** бачIинесеб (букIинесеб) лъикIаб букIине, хадусеб гIумру лъикIаб букIине; **э́тот вопро́с име́ет большо́е значе́ние** гьеб суалалъул кIудияб кIвар буго; **~ за́пах** махI бу-кIине; **~ вкус** тIагIам (тату) букIине ◊ **~ де́ло** *с кем-л.* иш букIине *лъилгунниги;* **~ значе́ние** кIвар букIине; **~ му́жество** бихьинчилъи букIине (гIезе); **~ сча́стье** талихI ккезе (букIине); **~ ме́сто** бу-кIине, лъугьине, ккезе

ИМЕ́//ТЬСЯ *сов.* букIине; **у них ~ются но́вые журна́лы** дозухъ цIиял журналал руго; **ме́жду ни́ ми ~ются коренны́е разли́ -чия** дозда гьоркьор кIудиял, кьучIдасанго ругел) батIалъаби руго; **возраже́ний не ~ется** дандечIей (разилъунгутIи) гьечIо ◊ **~ в виду́** ракIалда букIине, хIисабалде босун букIине

И́ МИ *мест. личн. тв. п. от* **они́**

ИМИТА́ТОР *м* имитатор (*цогидалда релъълъинабун, халпаб иш гьабулев чи*)

ИМИТА́ЦИЯ *ж* **1.** (*по гл.* **имити́ ровать**) релъълъинаби, релъълъинабун гьаби; **~** *чьего-л.* **го́лоса** *лъилалданиги* гьаракь релъълъинаби **2.** имитация (*сунданиги дурусго релъълъинабун гьабураб жо*); **~ ко́жи** тIомол имитация, тIомода релъълъинабун гьабураб жо

ИМИТИ́РОВАТЬ *несов. кого-что лъиданиги-сунданиги* релъълъинабизе, релъълъинабун гьабизе; **~ голоса́ живо́тных** хIайваназулазда гьаракь релъълъинабизе; **~ же́мчуг** маргъалалда ре-лъълъинабизе (релъълъинабун гьабизе)

ИММИГРА́НТ *м* иммигрант, мугьажир (*батIияб улкаялде гочарав чи*)

ИММИГРА́НТКА *ж* иммигрантка, мугьажир (*батIияб улкаялде гочарай гIадан*)

ИММИГРА́ЦИЯ *ж* **1.** (*по гл.* **иммигри́ ровать**) иммиграция, батIияб улкаялде гочин, мугьажирлъи **2.** иммигрантал, мугьажирал (*батIияб улкаялде гочарал чагIи*)

ИММИГРИ́РОВАТЬ *сов. и несов.* иммиграциялъ ине, мугьажирлъун ине, ватIан тун ине, батIияб улкаялде гочине

ИММУНИЗА́ЦИЯ *ж мед.* иммунизация, рахунел унтабазда данде чIезе кIолеблъун гьаби

ИММУНИЗИ́РОВАТЬ *сов. и несов. кого-что* бахунеб унтиялда данде чIезе кIолеблъун гьабизе; **~ органи́зм** организм (ургьимес) бахунеб унтиялда данде чIезе кIолеблъун гьабизе

ИММУНИТЕ́Т *м* иммунитет (1) *мед. рахунел унтабазда данде чIезе организмалъул хIалкIолъи;* 2) *гIаммал законазда гъоркье ккунгутIи, гIаммал законазе мутIигIлъунгутIизе лъиениги кьураб хасаб ихтияр*); **у него́ ~ к э́ той боле́зни** досул гьеб унтуе иммунитет буго; **дипломати́ ческий ~** дипломатияб иммунитет

ИМПЕРАТИ́В *м* 1) *филос*. (*категорическое требование*) императив (*шартI гьечIеб, калам къотIараб, бай-хъвай гьечIеб кьвараб тIалаб*) 2) *грам.* глаголалъул тIалабияб форма

ИМПЕРАТИ́ ВН//ЫЙ, -ая, -ое императивияб, шартI гьечIеб (*калам къотIараб, бай-хъвай гьечIеб*) тIалабалъул; **~ый тон** императивияб тон, кьвараб тIалабалъул тон; **~ое указа́ние** императивияб малъи, бихьизаби

ИМПЕРА́ТОР *м* император, падишагь, парчахI, пача

ИМПЕРА́ТОРСКИЙ, -ая, -ое императорасул(аб), падиша-гьасул(аб), парчахIасул(аб), пачаясулаб

ИМПЕРАТРИ́ЦА *ж* 1) (*жена императора*) парчахIасул (императорасул, пачаясул,падишагьасул) чIужу 2) (*монархиня*) императрица, парчахI

ИМПЕРИАЛИ́ ЗМ *м* империализм (*капитализмалъул бищун тIадегIанаб даража*)

ИМПЕРИАЛИ́ СТ *м* империалист

ИМПЕРИАЛИСТИ́ ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое империалистияб, империализмалъулаб; **~ие стра́ны** империалистиял улкаби

ИМПЕ́РИЯ *ж* империя (*жиндир бетIерлъуда падишагь вугеб монархияб пачалихъ*)

ИМПЕ́РСКИЙ, -ая, -ое империялъул(аб)

ИМПОЗА́НТНО *нареч.* ссиялда, къадру (адаб-хIурмат) бижуледухъ, лъикIаб асар гьабуледухъ

ИМПОЗА́НТН//ЫЙ, -ая, -ое хIурматаб къагIидаялъулаб, ссий бугеб, лъикIаб асар гьабулеб; **~ая вне́шность** лъикIаб асар гьабулеб сипат-сурат; **~ый вид** ссий бугеб куц

ИМПОНИ́РОВАТЬ *несов. кому-чему* лъикIаб асар гьабизе, жинде хIурмат бижизабизе, жив ракIалъ восизе, жив рекIее гIезе, жинда ракI разилъизе; **~ свои́ м слу́шателям** жиндихъ гIенеккаразул рекIелъ восизе

И́МПОРТ *м* импорт (*къватIисел улкабаздаса къайи бачIинаби, баччи*)

ИМПОРТЁР *м* импорт гьабулев чи, импорт гьабулеб идара, къватIиса къайи бачIинабулев чи

ИМПОРТИ́ РОВАТЬ *сов. и несов. кого-что* къватIиса къайи *ва ц.* босизе

И́ МПОРТН//ЫЙ, -ая, -ое къватIиса босараб (бачIинабураб); **~ые това́ры** къватIиса бачIинабураб къайи; **~ая торго́вля** къватIиса бачIинабураб къайиялъул даран

ИМПОТЕ́НТ *м мед.* импотент (*руччабаздаса вухьарав, алаталъулъ загIиплъи ккарав чи*)

ИМПОТЕ́НЦИЯ *ж мед.* импотенция (*руччабаздаса вухьин*)

ИМПРЕСА́РИО *м нескл.* импресарио, спектаклал, концертал *ва ц.* тIоритIизе тIаде босулев чи

ИМПРЕССИОНИ́ЗМ *м* импрессионизм (*битIахъего, гьоркьоб жо гьечIого, художникас жиндир рекIел асар баян гьабулеб искусствоялъулаб нух*)

ИМПРЕССИОНИ́СТ *м* импрессионист (*импрессионизма-лъул мазгьабалъул художник*)

ИМПРЕССИОНИ́ СТСКИЙ, -ая, -ое импрессионизмалъулаб

ИМПРОВИЗА́ТОР *м* импровизатор (*бачIинахъего, цебеккун ургъичIого, хIадурлъичIого кечI ва ц. гьабулев чи*)

ИМПРОВИЗА́ТОРСКИЙ, -ая, -ое импровизаторасулаб; **~ тала́нт** импровизаторасулаб пагьму

ИМПРОВИЗА́ЦИЯ *ж* **1.** (*по гл.* **импровизи́ ровать**) (*импровизированное произведение*) импровизация (*цебеккун ургъичIого, хIадурлъичIого, бачIинахъего щибниги жо гьаби, мас. кечI, кIалъай ва ц.; гьедин гьабураб кечI ва ц. асар*) **2.** (*фантазия, выдумка*) ургъун бахъараб жо, фантазия

ИМПРОВИЗИ́РОВАНН//ЫЙ, -ая, -ое импровизацияда-лъун (бачIинахъего, цебеккун ургъичIого, хIадурлъичIого) гьабураб; **~ая речь** бачIинахъего (цебеккун хIадурлъичIого) гьабураб кIалъай

ИМПРОВИЗИ́ РОВАТЬ *сов. и несов. что и без доп.* гьабулаго (бачIинахъего, цебеккун хIадурлъичIого) художественнияб асар тIубазабизе, импровизация гьабизе; **~ стихи́** гьару́лаго (цебеккун хIадурлъичIого) кучIдул цIализе; **~ на роя́ле** роялалда импровизация гьабизе

И́ МПУЛЬС *м* 1) импульс; сабаб; гьесизарулеб (ракI базабулеб, гьира базабулеб) жо; **~ к тво́рчеству** творчествоялде гьесизарулеб жо, творчествоялъе сабаб 2) *физ.* импульс ◊ **не́рвный ~** *физиол.* нервазулаб импульс (*нервал хIалуциналъул карачел*)

ИМПУЛЬСИ́ВН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*непроизвольный*) импульсияб, импульсалъ лъугьинабураб; ургъичIого жибго лъугьунеб; **~ые движе́ния** импульсияб багъа-бачари 2) (*порывистый*) мех-мехалда хисардулеб; **~ая нату́ра** мех-мехалда хисардулеб хасият

ИМУ́ЩЕСТВЕННЫЙ, -ая, -ое буголъиялъулаб, бече-лъиялъулаб, боцIулаб, боцIи-рикъзиялъулаб, бетIергьанлъиялъулаб; **~ое положе́ние** бечелъи-мискинлъи; **~ые права́** бетIер-гьанлъиялъулал (боцIи-рикъзиялъулал) ихтиярал; **~ое нера́венство** боцIи-рикъзиялъул рахъалъ ращалъи гьечIолъи

ИМУ́ЩЕСТВО *с* чIахъен, буголъи, бечелъи, боцIи; **госуда́рственное ~** пачалихъалъулаб боцIи (бечелъи, буголъи); **колхо́зное ~** колхозалъулаб бечелъи (боцIи, буголъи); **недви́ жимое ~** багъаруларе мулк-ракь; **промота́ть всё своё ~** тIолабго жиндирго чIахъен гьородахъ биччазе

ИМУ´ Щ//ИЙ, -ая, -ее бечедав, боцIи бугев, бечелъи кодосев; **~ие кла́ссы** бечедал (бечелъи кодосел) классал; ◊ **власть ~ие** кверщел кодосел

И´ МЯ *с* 1) цIар; **~ и фами´лия** цIар ва фамилия; **как ва́ше ~?** дуда цIар щиб? **звать по и´мени** цIар абун, ахIизе (кIалъазе) 2) (*известность*) машгьурлъи, цIар; **до́брое ~** къадруяб (хIурматаб) цIар; **челове́к с и´менем** машгьурав, цIар бугев чи; **учёный с мировы´м и´менем** дунялалдаго цIар арав гIалимчи 3) *грам.*: **~ существи´тельное** предметияб цIар; **~ прилага́тельное** прилагательное; **~ числи´тельное** рикIкIен ◊ **во ~ дру́жбы** гьудуллъиялъул хIурматалда; **называ́ть ве́щи свои´ми имена́ми** щибаб жоялда жинди-жиндир цIар абизе, битIаралда битIарабин, тIекъалда тIекъабин абизе; **колхо́з и´мени Ки´рова** Кировасул цIаралда бугеб колхоз

ИНАКОМЫ´ СЛЯЩИЙ *м* пикру батIияв

ИСПО́ЛЬЗОВАТЬСЯ *сов. и несов.* (*находить применение*) пайда босизе, хIалтIизабизе (*кибниги*)

ИСПО́ЛЬЩИНА *ж ист.* бащдаб бачIин кьезелъун ракь ижараялъ боси

ИСПО́РТИТЬ *сов. что в разн. знач.* хвезабизе, гIадада хвезабизе; **~ кни́гу** тIехь хвезабизе; **~ своё здоро́вье** жиндирго сахлъи хвезабизе; **~ дете́й дурны́ м воспита́нием** мекъаб тарбия кьеялъ лъимал гIадада хвезаризе

ИСПО́РТИ//ТЬСЯ *сов.* жагъаллъизе, хвезе (*о механизме и др.*); кьерхине (*о погоде*); пучлъизе (*нравственно*); **мои́ часы́ ~лись** дир сагIат хвана; **пого́да ~лась** кьерхана; **у неё ~лось настрое́ние** долъун кеп хвана

ИСПО́РЧЕННОСТЬ *ж* (*нравственная*) пучлъи́

ИСПО́РЧЕНН//ЫЙ, -ая, -ое 1) хвараб, хвезабураб; жа-гъаллъараб; махIцараб, махI бахъараб (*с душком*); **~ое мя́со** махI бахъараб гьан; **~ые зу́бы** жагъаллъарал цаби; **~ое настрое́ние** хвараб кеп, бахъараб лазат; **~ые отноше́ния** хварал (хвезарурал) гьоркьорлъаби 2) (*безнравственный*) пучаб, нахъегIанаб; **~ый челове́к** пучав чи

ИСПРАВИ́М//ЫЙ, -ая, -ое битIизабизе (битIа-бишизабизе) бегьулеб (кIолеб), битIа-бишизесеб, тIаса рехизе (нахъчIвазе) бегьулеб; **э́ та беда́ ~ая** гьеб нахъчIвазе кIолеб балагь буго

ИСПРАВИ́ТЕЛЬНО-ТРУДОВ//О́Й, -а́я, -о́е ритIизария-лъулгун хIалтIул(аб); **~а́я коло́ния** ритIизариялъулгун хIалтIулаб колония

ИСПРАВИ́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое битIизабулеб, битIа-бишизабулеб, ритIизариялъулаб, къачIалеб; **~ое заведе́ние** ритIизариялъулаб идара; **~ые ме́ры** къачIаялда (ритIизариялда) хурхарал тадбирал

ИСПРА́ВИТЬ *сов.* 1) *кого-что* битIизабизе, къачIазе; **~ оши́бку** гъалатI битIизабизе; **~ по́черк** хатI битIизабизе; **~ телефо́н** телефон къачIазе 2) гIакълуялде вачине, витIизавизе, квешаб гIамал тезабизе; **~ хара́ктер** хасият битIизабизе (квешаб гIамал тезабизе), хисизабизе

ИСПРА́ВИ//ТЬСЯ *сов.* лъикIлъизе, гIакълуялде вачIине, квешаб гIамал тезе

ИСПРАВЛЕ́НИ//Е *с* **1.** (*по гл.* **испра́вить**) битIизаби, къачIай **2.** (*по гл.* **испра́виться**) битIи **3.** (*поправка*) битIизаби; битIизабун тIаде жубараб жо; **внести́ ~я в текст** текст битIизабизе (ритIизариял тIаде журазе)

ИСПРА́ВЛЕНН//ЫЙ, -ая, -ое (*улучшенный*) битIизабураб, къачIараб, лъикIлъизабураб; **~ое изда́ние** битIизабураб (къачIараб) басма

ИСПРАВЛЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **испра́вить(ся)**

ИСПРА́ВНИК *м уст.* исправник (*некIо уездалда полиция-лъул начальник*)

ИСПРА́ВНО *нареч.* битIа-бишун, лъикI, битIун, дурусго, мухIканго; **маши́ на рабо́тает ~** машина лъикI хIалтIулеб буго

ИСПРА́ВНОСТ//Ь *ж* ярагьин, жагъаллъи гьечIолъи, дуруслъи; битIа-бишун букIин; **в по́лной ~и** щибниги жагъаллъи гьечIого; **~ь механи́ зма** механизмалъул ярагьин

ИСПРА́ВНЫЙ, -ая, -ое 1) ярагьунеб, жагъаллъичIеб; **~ мото́р** ярагьунеб (жагъаллъичIеб) мотор 2) (*исполнительный*) мухIканав; тIад къараб жо тIубалев, лъикI хIалтIулев; **~ рабо́тник** мухIканав хIалтIухъан

ИСПРАЖНЕ́НИ//Е *с* **1.** (*по гл.* **испражня́ться**) рак (гъиз) бай, би́лъи **2.** *мн.* **~я** рак, гъвес, гъиз, хъил

ИСПРАЖНЯ́ ТЬСЯ *несов.* рак (гъиз) базе, би́лъизе

ИСПРО́БОВАТЬ *сов. что в разн. знач.* хIал бихьизе

ИСПУ́ Г *м* хIинкъи, виххи; **в ~е убежа́ть** хIинкъиялъ (виххиялъ) тIуризе ◊ **взять** *кого-л.* **на ~** хIинкъизавун кверде восизе

ИСПУ́ ГАННО *нареч.* хIинкъун, виххун

ИСПУ́ГАНН//ЫЙ, -ая, -ое хIинкъараб, хIинкъизабураб, биххараб; **~ые лю́ди** хIинкъизарурал (хIинкъарал) гIадамал; **~ые глаза́** хIинкъарал берал; **~ый вид** хIинкъараб (виххараб) куц (сипат)

ИСПУГА́ТЬ *сов. кого-что* хIинкъизабизе, биххизабизе

ИСПУГА́//ТЬСЯ *сов. кого-что* хIинкъизе, виххизе; **за́яц ~лся** гIанкI хIинкъана (биххана); **он си́льно ~лся** дов кутакалда хIинкъана

ИСПУСКА́ТЬ *несов.* 1) *см.* **испусти́ть** 2) *что* (*распространять*) базабизе, тIибитIизабизе; **~ свет** канлъи базабизе (тIибитIизабизе); **~ за́пах** махI тIибитIизабизе

ИСПУСТИ́ТЬ *сов. что* биччазе, бахъинабизе; **~ крик** чIичIидун гьаракь бахъинабизе; **~ глубо́кий вздох** гьваридаб хIухьел биччазе ◊ **~ дух** рухI бахъун ине, хвезе

ИСПЫТА́НИ//Е *с* **1.** (*по гл.* **испыта́ть**) хIал бихьи; **~е мото́ра** моторалъул хIал бихьи **2.** 1) захIмалъи, къварилъи, гIакъуба; **суро́вые ~я войны́** рагъул согIал къварилъаби 2) (*экзамен*) экзамен; **приёмные ~я** къабул гьариялъул экзаменал; **вы́ держать ~я** экзаменал кьун бажаризе

ИСПЫ́ТАНН//ЫЙ, -ая, -ое хIал бихьараб, ракI чIараб; **~ый друг** хIал бихьарав (ракI чIарав) гьудул; **~ое сре́дство** хIал бихьараб сабаб; **~ый во́ин** хIал бихьарав рагъухъан

ИСПЫТА́ТЕЛЬ *м* хIал бихьулев чи, испытатель; **лётчик-~** летчик-испытатель

ИСПЫТА́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое хIалбихьиялъул(аб); **~ый срок** хIалбихьиялъул болжал; **~ая ста́нция** хIалбихьи гьабулеб станция

ИСПЫТА́ТЬ *сов.* 1) *кого-что* (*проверить на опыте*) хIал бихьизе; **~ но́вый самолёт** цIияб самолеталъул хIал бихьизе 2) *что* (*пережить*) бихьизе, лъазе, хIехьезе; **~ тру́дности** захIмалъаби рихьизе, къо бихьизе, къварилъаби хIехьезе

ИСПЫТУ́ ЕМ//ЫЙ, -ая, -ое жиндир хIал бихьулеб, экзамен кьолеб; **~ый матери́ал** жиндир хIал бихьулеб материал

ИСПЫ́ ТЫВАТЬ *несов. см.* **испыта́ть; ~ ра́дость** рохел бихьизе; **~ недоста́ток в деньга́х** гIарцул къварилъи (гIунгутIи) бихьизе

ИССЛЕ́ДОВАНИЕ *с* **1.** (*по гл.* **иссле́довать**) цIех-рех гьаби; **~ кро́ви** видул цIех-рех гьаби; **~ ко́смоса** космосалъул цIех-рех гьаби **2.** (*научный труд*) (цIех-рех гьабураб) гIелмияб асар (хIалтIи)

ИССЛЕ́ДОВАТЕЛЬ *м* гIелмияб цIех-рехалъул чи; **~ А́рктики** Арктикаялъул гIелмияб цIех-рех гьабулев (гьабурав) чи

ИССЛЕ́ДОВАТЕЛЬНИЦА *ж* гIелмияб цIех-рех гьабулей гIадан

ИССЛЕ́ДОВАТЕЛЬСК//ИЙ, -ая, -ое гIелмияб цIех-рехалъулаб; **~ий институ́т** гIелмияб цIех-рехалъулаб институт; **~ая рабо́та** гIелмияб цIех-рехалъулаб хIалтIи

ИССЛЕ́ДОВАТЬ *сов. и несов. кого-что* гIелмияб цIех-рех гьабизе; **~ дно реки́** гIурул тIиналзул гIелмияб цIех-рех гьабизе; **~ *какой-л.* вопро́с** *кинаб бугониги* суалалъул цIех-рех гьабизе; **~ больно́го** унтарасул цIех-рех гьабизе (хал-шал гьабизе)

ИССО́ХНУТЬ *сов.* 1) миркалъ бакъвазе 2) *перен. разг.* (*исхудать*) цIакъ загIиплъизе, хIалакълъизе, вакъвазе

И́ССТАРИ *нареч.* некIогоялдаса, умумалъанго, цебе заманалдасаго; **так ~ ведётся** умумалъанго гьедин билълъанхъун буго

ИССТРАДА́ТЬСЯ *сов.* гIазаб (гIакъуба) бихьизе, гIакъубаялде ккезе; **~ в одино́честве** янгъизлъиялда гIакъуба бихьизе

ИССТРЕЛЯ́ТЬ *сов. что* 1) (*израсходовать*) кьвагьун лъугIизаризе; **~ все патро́ны** киналго патронал кьвагьун лъугIизаризе 2) (*изрешетить*) картIахинабизе; цIалкIу гIадин борлъ-борлъизе (*гIемер речIчIун*); **~ мише́нь** гIуж картIахинабизе

ИССТУПЛЕ́НИ//Е *с* хIал бачIин, рекIедаса ин, кутакалда хIалуцин; **довести́** *кого-л.* **до ~я** *щивниги* рекIедаса инавизе

ИССТУПЛЁННО *нареч.* хIал бачIун, рекIедаса ун, кутакалда хIалуцун

ИССТУПЛЁННОСТЬ *ж см.* **исступле́ние**

ИССТУПЛЁННЫЙ, -ая, -ое хIал бачIараб, рекIедаса араб, цIакъ хIалуцараб; **~ взгляд** хIал бачIараб бербалагьи (балагьи)

ИССУША́ТЬ *несов. см.* **иссуши́ ть**

ИССУШИ́ //ТЬ *сов.* 1) *кого-что* (*высушить*) бакъвазабизе, бакъван бахъинабизе, бакъва-гвадазабизе; **ве́тры ~ли по́чву** гьураз ракь бакъва-гвадазабуна 2) *кого перен.* (*изнурить*) гIакъуба (гIазаб) кьезе; **боле́знь его́ ~ла** унтуца гъосие гIакъуба кьуна

ИССЫХА́ТЬ *несов. см.* **иссо́хнуть**

ИССЯКА́ТЬ *несов. см.* **исся́ кнуть**

ИССЯ́ К//НУТЬ *сов.* 1) (*об источнике*) къине, бакъван тIагIи-не; **вода́ в коло́дце ~ла** гъуялъуб лъим къана (бакъван тIагIана) 2) *перен.* (*исчерпаться*) лъугIизе, тIагIине; **си́лы врага́ ~ли** тушманасул къуват лъугIана

ИСТА́ПТЫВАТЬ *несов. см.* **истопта́ть**

ИСТА́СКАНН//ЫЙ, -ая, -ое *разг.* 1) (*об одежде*) гIемер ретIун, хохораб 2) (*о человеке*) тату хварав; **~ое лицо́** тату хвараб, свакараб гьумер

ИСТАСКА́ТЬ *сов. что разг.* ретIун хвезабизе, гIемер ретIун, хохозабизе, хохозабун бахъине; **~ сапоги́** гIемер ретIун, чакмаби хохозаризе (хвезаризе)

ИСТАСКА́//ТЬСЯ *сов. разг.* 1) (*об одежде*) хохозе (бихъбихъизе, хвезе); **пальто́ ~лось** пальто хохон буго 2) *перен.* (*о человеке*) тату хвезе

ИСТА́ЧИВАТЬ *несов. см.* **источи́ ть**

ИСТА́Я//ТЬ *сов.* 1) биун лъугIизе (бахъине); **воск весь ~л** хIе кинабго биун лъугIана 2) *перен.* лъугIун (тIагIун) ине; вакъвазе, азине; **де́ньги незаме́тно ~ли** гIарац лъазего лъачIого тIагIун ана; **~ть от тоски́** чIалгIеналъ вакъван ине (азине)

ИСТЕКА́ТЬ *несов. см.* **истечь** ◊ **~ кро́вью** гIемер би чвахизе, бида вецIцIизе

ИСТЁКШ//ИЙ, -ая, -ее (*о периоде времени*) араб, ун лъугIараб; **в ~ем году́** араб соналъ; **за ~ий ме́сяц** араб моцIалъ

ИСТЕРЕ́ТЬ *сов. что* 1) (*измельчить*) гIисин гьабизе, хъуризе, хъурун базе; хIаризабизе; **~ морко́вь на тёрке** ламадур хачавалъ гIисин гьабизе, (хачавалда лъулъан, гIисин гьабизе); **~ рези́нку** лъулъан резинка лъугIизабизе

ИСТЕРЕ́ТЬСЯ *сов. разг.* 1) (*искрошиться*) хъурун лъугIизе 2) (*об одежде и т.п.*) багьизе; лъулъан (чIикIун) лъугIизе; **подо́швы сапо́г истёрлись** чакмабазул лабал чIикIун (рагьун) руго

ИСТЁРЗАНН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*растрепанный*) бихха-бичараб, бихха-бичизабураб; **~ый вид** бихха-бичараб сипат 2) *перен.* (*измученный*) гIакъуба кьураб, инжит гьабураб

ИСТЕРЗА́ТЬ *сов. кого-что* 1) (*изранить*) лъукъ-лъукъизе 2) (*измучить*) гIакъуба (гIазаб) кьезе

ИСТЕРЗА́ТЬСЯ *сов.* гIазаб (гIакъуба) бихьизе, хIал (рух1) лъугIизе

ИСТЕ́РИК *м разг.* нервазул унти бачIунев чи, истериялъ унтарав чи

ИСТЕ́РИКА *ж* кутакалда нервал рагьарун, унти бачIин

ИСТЕРИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое *см.* **истери́ чный**

ИСТЕРИ́ЧКА *ж* нервазул унти бачIуней гIадан, истериялъ унтарай гIадан

ИСТЕРИ́ ЧНЫЙ, -ая, -ое истериялъулаб; истерия бачIараб

ИСТЕРИ́Я *ж* 1) истерия (*хIалуцараб гIоди-релъи ва хехго цIин бахъин жиндие хасиятаб нервабазул унти*) 2) *перен.* (*лихорадочная деятельность*) кьалха-риххи; **вое́нная ~** рагьулаб кьалха-риххи

ИСТЁРТ//ЫЙ, -ая, -ое чIикIараб, хIулараб; **~ая моне́та** чIикIараб гIисинаб гIарац; **~ая оде́жда** хIулараб ретIел 2) *перен.* чIалгIараб, чIамучIлъараб; **~ые фра́зы** чIамучIлъарал жогьаби

ИСТЕ́Ц *м юр.* дагIбадулав, дагIба гьабулев чи (*судалдасан*)

ИСТЕЧЕ́НИ//Е *с* лъугIи, ин; **по ~и ме́сяца** моцI индал (лъугIидал); **за ~ем сро́ка** болжал лъугIигун (лъугIидал)

ИСТ//Е́ЧЬ *сов.* 1) чвахун лъугIизе 2) (*о времени, сроке*) лъугIизе, ине; **срок догово́ра ~ек** къотIул болжал лъугIана; **вре́мя ~екло́** заман лъугIана (ана)

И́СТИН//А *ж* хIакъикъат; **э́то соотве́тствует ~е** гьеб хIакъи-къаталда бугеб жо буго, гьеб уяб жо буго; **в э́том есть до́ля ~ы** гьелъулъ хIакъикъаталъул бутIа буго; **скрыва́ть ~у** хIакъикъат бахчизе; **объекти́ вная ~а** *филос.* объективияб хIакъикъат

И́ СТИННО *нареч.* хIакълъун, хIакъикъаталда, унго-унго

И́ СТИННОСТЬ *ж* хIакъикъияб букIин

И́СТИНН//ЫЙ, -ая, -ое хIакъикъияб; хIакъаб; уяб, унго-унгояб; битIараб; **~ое положе́ние** хIакъикъияб хIал; **~ая пра́вда** уяб жо; **~ый смысл** битIараб магIна; **~ый друг** унго-унгояв гьудул; **~ый худо́жник** унго-унгояв художник ◊ **напра́вить на путь ~ый** битIараб нухде вачине, витIун ккезавизе

ИСТИРА́ТЬ *есов. см.* **истере́ть**

ИСТИ́ ЦА *ж юр.* дагIбадулай, дагIба гьабулей гIадан (*судалде кьун*)

ИСТЛЕВА́ТЬ *несов. см.* **истле́ть**

ИСТЛЕ́//ТЬ *сов.* 1) (*сгнить*) туризе; **мате́рия ~ла** ххам турана (турун хвана) 2) (*сгореть*) рорун лъугIана; **все у́гли ~ли** киналго хIенхIал рорун лъугIана (хIуралде сверана)

И́СТОВЫЙ, -ая, -ое тIад чIараб; тIад чIун, хIаракат бахъун, букIине кколеб куцалъ гьабулеб; **~ покло́н** букIине кколеб куцалъ гьабураб икрам, ракI-ракIалъулаб икрам

ИСТО́К *м* 1) (*начало реки и т.п.*) гIурул (иццул) бетIер 2) *перен. мн.* **~и** авал, байбихьи; **~и рабо́чего движе́ния** хIалтIухъабазул багъа-бачариялъул авал (байбихьи); **~и жи́зни** гIумруялъул авал, байбихьи

ИСТОЛКОВА́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **истолкова́ть**) бичIчIизаби, баян гьаби (кьей) **2.** (*разъяснение*) баян

ИСТОЛКОВА́//ТЬ *сов. что* бичIчIизабизе, баян гьабизе; магIна гьабизе (босизе); **вы неве́рно ~ли мои́ слова́** дуца мекъса магIна гьабуна дир рагIабазул (дуда дир рагIаби мекъса ричIчIана)

ИСТОЛО́ЧЬ *сов. что* хIаризабизе, хъуризе; ~ *что-л.* **в поро́шок** *щибниги* хъурун, хIариялде буссинабизе; **~ в сту́пке** ражихояльуб хIаризабизе, хъуризе

ИСТО́МА *ж* къаркъалаги бичча-бихъан тун, щолеб рахIат; свакаялъул, загиплъиялъул асар

ИСТОМИ́ ТЬ *сов. кого-что* гIакъуба кьезе, хIал дагьлъизабизе, тату хвезабизе; **~ ли́шними расспро́сами** кколарел суалал кьун, цIехолдун, гIакъуба кьезе; **~ го́лодом** ракьиялъ хIал дагьлъизабизе; **~ ожида́нием** балагьун чIеялъ тату хвезабизе

ИСТОМИ́ ТЬСЯ *сов.* гIакъуба бихьизе, хIал дагьлъизе, тату хвезе; **~ от жа́жды** кьечалъ хIал дагьлъизе; **~ в ожида́нии** балагьун чIун сваказе

ИСТОМЛЁНН//ЫЙ, -ая, -ое хIал дагьлъарав, гIакъуба бихьарав, гIазаб чIамурав; **~ые пу́тники** хIал дагьлъарал нухлулал

ИСТОПИ́ТЬ[1] *сов. что* 1) (*печь*) бакизе 2) *разг.* (*израсходовать на топку*) бухIун лъугIизабизе; **~ це́лый воз дров** тIубараб гьоко цIулал бухIун лъугIизабизе

ИСТОПИ́ТЬ[2] *сов. что* (*расплавить*) биинабизе; **~ всё са́ло** кинабго, тIолабго тIатIи биинабизе

ИСТОПИ́//ТЬСЯ[1] *сов.* бакун хинлъизе, багIаризе; **печь ~лась** печь бакун, хинлъизе

ИСТОПИ́//ТЬСЯ[2] *сов.* (*расплавиться*) биун лъугIизе, биун бахъине; **ма́сло всё ~лось** кинабго, тIолабго нах биун лъугIана

ИСТОПНИ́ К *м* печал ракулев чи

ИСТОПТА́ТЬ *сов. что* 1) (*измять*) мерхьине; мерхьун хвезабизе; **~ траву́** гIурччинхер мерхьун хвезабизе 2) (*испачкать*) мерхьун хъублъизабизе (чороклъизабизе); **~ вы́ мытый пол** чурараб чIабар мерхьун чорок гьабизе 3) (*износить*) чIикIизабизе; **~ сапоги́** чакмаби, гIемер ретIун, чIикIизаризе

ИСТОРГА́ТЬ *несов. см.* **исто́ргнуть**

ИСТО́РГ//НУТЬ *сов.* 1) *кого-что* (*изгнать*) къватIибе рехизе (бахъизе, буризабизе); **~нуть из свое́й среды́** жидедаго гьоркьоса рехизе; **вулка́н ~ ла́ву** вулканалъ лава къватIибе рехана; **~нуть кинжа́л из но́жен** лъалиниса ханжар къватIибе бахъизе 2) *что перен.* (*вызвать*) бачIинабизе; **~ слёзы** магIу бачIинабизе

ИСТОРИ́ЗМ *м* историзм (*киналго жалазухъ, лъугьа-бахъиназухъ ва ц. гьезул историялъулаб цебетIеялда хурхун балагьи*)

ИСТО́РИК *м* историк, тарихчи, историялъул специалист — гIалимчи; историялъул факультеталъул студент

ИСТО́РИКО-ЛИТЕРАТУ́ РНЫЙ, -ая, -ое историялъулабгун литературияб, тарихиябгун адабияталъулаб

ИСТО́РИКО-РЕВОЛЮЦИО́ННЫЙ, -ая, -ое историялъулабгун революциялъулаб

ИСТОРИОГРА́Ф *м* историограф (*историографиялъул специалист*)

ИСТОРИОГРА́ФИЯ *ж* историография (1 *тарихияб лъай цебетIеялъул ва гьелъул методазул хIакъалъулъ бугеб гIелму;* 2 *цо периодалъул яги проблемаялъул хIакъалъулъ хъварал киналго тарихиял цIех-рехалъулал хIалтIаби*)

ИСТОРИ́ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое 1) тарихияб, историялъулаб; **~ая нау́ка** тарихияб гIелму; **~ий докуме́нт** тарихияб документ; **~ий факт** тарихияб хIужжа 2) (*знаменательный*) цIакъ кIвар бугеб;

~ая побе́да цIакъ кIвар бугеб бергьенлъи; **~ая да́та** цIакъ кIвар бугеб тарих; **~ое реше́ние** цIакъ кIвар бугеб, тарихияб хIукму

ИСТО́РИЯ *ж* 1) история, тарих; **~ Российского госуда́рства** Россиялъул пачалихъалъул история; **~ его́ жи́зни** досул гIумруялъул история; **~ боле́зни** унтул история; **дре́вняя ~** некIсияб история; **нове́йшая ~** бищунго цIияб история; **~ иску́сств** искусствоялъул тарих (история) 2) (*повествование*) хабар, къиса; **расска́зывать ра́зные исто́рии** батIи-батIиял харбал рицине; **э́то дли́ н-ная ~** гьеб халатаб къиса (хабар) буго; **вот и вся ~** гьеле тIолабго къиса (хабар) 3) *разг.* (*происшествие, событие*) лъугьа-бахъин; **с ним случи́лась смешна́я ~** досул релъизе бачIунеб (кепаб) лъугьа-бахъин ккана

ИСТОСКОВА́ТЬСЯ *сов. по кому-чему* кутакалда чIалгIине (урхъизе, ракI щвезе); **~ по до́му** рокъобе кутакалда ракI щвезе, рукъалъухъ кутакалда чIалгIине; **~ в одино́честве** янгъизлъуда чIалгIун бизарлъизе

ИСТОЧА́//ТЬ *несов. что* (*свет, запах и т.п.*) тIибитIизабизе; **цветы́ ~ют арома́т** тIугьдуз гьуинмахI тIибитIизабула

ИСТОЧИ́//ТЬ *сов. что* 1) (*сточить*) чIикIун тIагIинабизе (лъугIизабизе); **~ть брусо́к** бахкен чIикIун лъугIизабизе; **~ть нож** нус чIикIун лъугIизабизе 2) *см.* **изъе́сть; жучо́к ~л де́рево** хIапараялъ гъветI кванан (ххенон) лъугIизабуна

ИСТО́ЧНИК *м* 1) ицц; **горя́чий ~** бухIараб лъадал ицц 2) (*письменный памятник, документ*) источник; **иссле́дование ~ов** источниказул цIех-рех гьаби; **обраща́ться к ~ам** источниказде балагьизе; **~и для исто́рии кра́я** краялъул тарихалъе источникал 3) *перен.* аслу, кьучI; **~ дохо́да** доходалъул (хайиралъул) аслу; **~ зара́зы** бахунеб унтул аслу; **~ тепла́ (све́та)** хинлъи (канлъи) кьолел жал *(чирахъ, печь); ~* **информа́ции** информациялъул кьучI; **знать из достове́рных ~ов** кьучIал бакIаздасан лъазе; **кни́га – ~ зна́ний** тIехь — лъаялъул аслу

ИСТО́ШН//ЫЙ, -ая, -ое гIасияб куцалъ, кутакалда ахIолеб; **~ый крик** гIасияб гьаракь, чIичIиди; **крича́ть ~ым го́лосом** гIасияб гьаракьалъ ахIдезе

ИСТОЩА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **истощи́ ть(ся)**

ИСТОЩЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **истощи́ ть**) хIал дагьлъизаби, рухI лъугIизаби, загIиплъизаби; **2.** (*по гл.* **истощи́ться**) хIал (рух1) дагьлъи, къуват лъугIи, загIиплъи; **не́рвное ~** нервал чIемегIлъи **3.** (*уменьшение*) дагьлъи, лълъаранибе ин, ахиралде бакIари; **~ запа́сов** нахърател лълъаранибе ин **4.** (*почвы*) хъа́чIлъи; **~ по́чвы** ракь хъачIлъи

ИСТОЩЁНН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*изнуренный*) хIал (рух1) дагьлъарав (тIагIарав) 2) (*о почве*) хъачIлъараб; **~ая по́чва** хъачIлъараб ракь

ИСТОЩИ́ //ТЬ *сов.* 1) *кого-что* (*изнурить*) хIал (рух1) дагьлъизабизе, азинабизе; загIиплъизабизе; **боле́знь ~ла его́** унтуца дов азинавуна 2) *что* (*исчерпать*) харж гьабун, лъугIизабизе, тIагIинабизе, лълъаранибе инабизе; **~ть си́ лы** къуват тIагIинабизе 3) *что* (*почву*) хъачIлъизабизе; **~ть по́чву** ракь хъачIлъизабизе

ИСТОЩИ́ //ТЬСЯ *сов.* 1) (*дойти до истощения*) хIалакълъи-зе, загIиплъизе, хIал дагьлъизе; азине 2) *перен.* (*израсходоваться*) харж гьабун, лъугIизе, тIагIине, лъугIизе; **терпе́ние моё ~лось** дир сабру лъугIана 3) (*о почве*) хъачIлъизе; **по́чва ~лась** ракь хъачIлъана

ИСТРА́ТИТЬ *сов. что* 1) харж гьабизе, харж гьабун, тIагIинабизе; **~ мно́го де́нег** гIемер гIарац харж гьабизе 2) (*силы, здоровье*) сахлъи хвезабизе

ИСТРА́ТИ//ТЬСЯ *сов.* харж гьабизе (*жиндирго гIарац*), харж гьабун, тIагIине; **де́ньги ~лись** гIарац, харж гьабун, лъугIана (тIагIана); **я соверше́нно ~лся** дир гIарац лълъаранибе ана

ИСТРЕБИ́ТЕЛЬ *м* 1) (*тот, кто уничтожает*) жинца гъурулеб (хвезабулеб); **~ мыше́й** гIункIкIалгъур 2) *воен.* истребитель; **реакти́ вный ~** реактивияб истребитель; **лётчик - ~** летчик-истребитель

ИСТРЕБИ́ ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*уничтожающий*) гъурулеб, тIагIинарулеб; **~ый ого́нь** (рухIун) тIагIинарулеб цIа 2) *воен. :* **~ая авиа́ция** тушманасул чIагояб къуват лъугIизабулеб авиация

ИСТРЕБИ́ТЬ *сов. кого-что* гъуризе, тIагIинаризе, лъугIизаризе

ИСТРЕБЛЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **истреби́ ть**) тIагIинари, лъугIизари, гъури; **~ крыс** чIахIагIункIкIал тIагIинари; **~ лесо́в** рохьал лъугIизари

ИСТРЕБЛЯ́ ТЬ *несов. см.* **истреби́ ть**

ИСТРЕПА́ТЬ *сов. что разг.* 1) бихъ-бихъизабизе, хохозабизе; **~ оде́жду** ретIел хохозабизе; **~ кни́гу** тIехь бихъ-бихъизабизе 2) *перен.* хвезабизе; **~ не́рвы** нервал хвезаризе, рагъаризаризе

ИСТРЕПА́ТЬСЯ *сов.* 1) (*износиться*) хохозе 2) *перен. разг.* (*изнуриться*) бизарлъизе, свакан хIал дагьлъизе

ИСТРЁСКА//ТЬСЯ *сов. разг.* кьватI-кьватIизе, кьватIалабазул цIезе; **лёд ~лся** цIер кьватI-кьватIана

ИСТУКА́Н *м* статуя, идол; зани, хIехь (*некIо заманалда мажусияз, аллагьлъун ккун, жиндие лагьлъи гьабулеб букIараб инсанасда релъдеп-хъвай бугеб ганчIил зани*) ◊ **стоя́ть ~ом** хIехь гIадин чIезе

ИСТУПИ́ТЬ *сов. что* тIехIинабизе, бал свинабизе (хвезабизе), лебаллъи хвезабизе; **~ нож** нус тIехIинабизе, носол бал свинабизе

ИСТУПИ́//ТЬСЯ *сов.* бал тIехIине, свине, лебаллъи хвезе; **нож совсе́м ~лся** нус тIубанго свана, носол тIубанго лебаллъи хвана

И́СТЫЙ, -ая, -ое (*настоящий*) унго-унгояб, букIине кколеб; **~ учёный** унго-унгояв гIалимчи

ИСТЫ́ КАТЬ *сов. кого-что разг.* борлъ-борлъизе, картIахинабизе; гIемер къазаризе, чIвазе (*магIал ва ц.*); **~ кно́пками обо́и** обоял кнопкабаз рорлъ-рорлъизе

ИСТЯЗА́НИ//Е *с* гIакъуба (гIазаб) кьей, инжит гьаби; **подверга́ться ~ям** гIакъуба (гIазаб) кьезе

ИСТЯЗА́ТЕЛЬ *м* (*палач*) гIакъуба (гIазаб) кьолев чи

ИСТЯЗА́ТЬ *несов. кого-что* гIакъуба (гIазаб) кьезе; **~ живо́тных** хIайваназе гIакъуба (гIазаб) кьезе

ИСХА́ЖИВАТЬ *несов. см.* **исходи́ ть**[1]

ИСХЛЕСТА́//ТЬ *сов.* 1) *кого* (*избить, хлеща*) цIалаца, хьопоца бухизе (бацIизе); **~ ло́шадь кнуто́м** чу цIалаца бацIизе 2) *что* (*испортить хлестанием*) гIемер кьабун, хвезабизе (*цIал ва ц.*); **~ли весь кнут** гIемер хьвагIун, кьабун, тIубанго цIал хвезабуна

ИСХЛОПОТА́ТЬ *сов. что* тIалаб гьабизе; тIалаб гьабун, батизе (щвезе); **~ себе́ внеочередно́й о́тпуск** жиндиего иргадулаб гуреб отпуск тIалаб гьабизе

ИСХО́Д *м* 1) *уст.* кьватIибе нух, кьватIире унеб бакI (нух, кIалтIу) 2) (*результат*) хIасил; **счастли́вый ~ де́ла** ишалъул талихIаб хIасил 3) (*конец*) ахир, лъугIел; тIубай; **на ~е дня** къо бакъанида; **к ~у ме́сяца** моцIрол ахиралде ◊ **де́ньги на ~е** гIарац лъугIулеб буго

ИСХОДИ́ ТЬ[1] *сов. что* (*обойти много мест*) сверизе, тиризе, теркизе; **~ весь го́род** тIолго шагьар сверизе

ИСХОДИ́ТЬ[2] *несов.* 1) *из чего, от кого* бачIине; **слух исхо́дит от секретаря́** хабар секретарасдасан бачIунеб буго 2) **из чего́ ~** (*брать за основу*) кьочIое босизе; **~ из соответствующего положе́ния** кьочIое бугеб хIал босизе, бугеб хIалалъул хIисаб гьабизе 3) *от чего сундасаниги* бачIине, чIвазе, тIибитIизе; **от котла́ исходи́л за́пах мя́са** хьагидасан гьанал махI чIвалеб (бачIунеб) букIана

ИСХОДИ́ ТЬ[3] *несов. см.* **изойти́**

ИСХО́ДН//ЫЙ, -ая, -ое бетIераб, байбихьулаб; аслияб; бачIараб (баккараб) бакIалъулаб; **~ый пункт** байбихьулаб пункт (бакI); **~ая то́чка зре́ния** аслияб пикру; **~ая пози́ция** байбихьулаб позиция

ИСХОДЯ́Щ//ИЙ, -ая, -ее (*о корреспонденции*) кьватIибе унеб (битIулеб); **~ая по́чта** кьватIибе унеб почта

ИСХУДА́Л//ЫЙ, -ая, -ое цIакъ хIалакъаб (хIалакълъараб), азараб; **~ый челове́к** азарав чи; **~ое лицо́** азараб гьумер

ИСХУДА́ТЬ *сов.* азине, цIакъ хIалакълъизе; **стра́шно ~** кутакалда хIалакълъизе

ИСЦАРА́ПАТЬ *сов. кого-что* хъарсизе, гIужал лъезе; **~ ру́ку** квер хъарсизе

ИСЦАРА́ПАТЬСЯ *сов. разг.* хъарсарал гIужазул цIезе

ИСЦЕЛЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **исцели́ ть**) сахлъизари, лъикIлъизари; **~ больно́го** унтарав сахлъизави **2.** (*по гл.* **исцели́ ться**) (*выздоровление*) са́хлъи, лъи́кIлъи; **наде́жды на ~ не́ было** сахлъиялде хьул букIинчIо

ИСЦЕЛИ́ТЕЛЬ *м* сахлъизарулев чи, дараби гьарулев чи

ИСЦЕЛИ́ТЬ *сов. кого-что* сахлъизаризе, лъикIлъизаризе; ~ **больно́го** унтарав сахлъизавизе

ИСЦЕЛИ́ТЬСЯ *сов.* сахлъизе, лъикIлъизе

ИСЦЕЛЯ́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **исцели́ть(ся)**

ИСЧА́ДИЕ *с уст.*: **~ а́да** жужахIалъул рижи

ИСЧА́ХНУТЬ *сов.* вакъва-гвадазе, азине; **~ от боле́зни** унтун (унтиялъ) вакъва-гвадазе

ИСЧЕЗА́ТЬ *несов. см.* **исче́знуть**

ИСЧЕЗНОВЕ́НИЕ *с* тIагIин, били, цебеса хьвай

ИСЧЕ́ЗНУТЬ *сов.* тIагIине, билизе, цебеса хьвазе; **~ и́ з виду** вихьудаса тIагIине; **~ в толпе́** руккалида гъорлъ тIагIине; **кни́га куда́-то исче́зла** тIехь кибеялиго тIагIана

ИСЧЕРКА́ТЬ, ИСЧЁРКАТЬ *сов. что разг.* 1) (*перечеркнуть*) тIад хIуччал цIазе; **~ ру́копись** квералъ хъвараб жоялда тIад хIуччал цIазе 2) (*исписать*) хъван лъугIизабизе; **~ всю бума́гу** кинабго кагъат хъван лъугIизабизе (цIезабизе)

ИСЧЁРКИВАТЬ *несов. см.* **исчерка́ть**

ИСЧЕРПА́ТЬ *сов. что* 1) лъугIизабизе; **~ все запа́сы** тIолалго нахърателал лъугIизаризе 2) *перен.*: **~ терпе́ние** сабру лъугIизабизе 3) (*довести до конца*) тIарамагъалъи гьабизе; тIубазабизе; **~ програ́мму** программа тIубазабизе (лъугIизабизе)

ИСЧЕРПА́ТЬСЯ *сов.* лъугIизе, рагIалде, ахиралде щвезе

ИСЧЁРПЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **исчерпа́ть(ся)**

ИСЧЕ́РПЫВАЮЩИЙ, -ая, -ее тIубараб, рагIа-ракьанде щвараб; **~ отве́т** рагIа-ракьанде щвараб жаваб

ИСЧЕРТИ́ТЬ *сов. что* 1) (*исписать*) хIуччал цIан, бацизабизе, хIуччазул цIезабизе 2) (*израсходовать*) мухъал рахъун, лъугIизабизе; **~ весь мел** мухъал рахъун, тIолабго мел лъугIизабизе

ИСЧЕ́РЧИВАТЬ *несов. см.* **исчерти́ть**

ИСЧИСЛЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **исчи́слить**) хIисаб гьабун, рикIкIин, хIисаб гьаби **2.** *мат.* рикIкIин; **интегра́льное ~** интегралияб рикIкIин (хIисаб гьаби)

ИСЧИ́СЛИТЬ *сов. что* рикIкIине, хIисаб гьабизе; **~ сто́имость ремо́нта** ремонталъул багьа хIисаб гьабизе

ИСЧИСЛЯ́ТЬ *несов. см.* **исчи́слить**

ИСЧИСЛЯ́ //ТЬСЯ *несов.* рикIкIине; **запа́сы хле́ба ~ются миллио́нами пудо́в** тIорщалил нахърател миллионал пудаз рикIкIуна (*миллионал пудал руго*)

ИСЩИПА́ТЬ *сов. кого-что* зинкIкI-зинкIкIун базе

ИТА́К *союз* 1) гьале гьедин, гьале гьанже; **~, всё я́ сно** гьале гьанже кинабго баянлъана 2) хIасил, палхIасил; **~, я жил тогда́ в Оде́ссе** палхIасил, дун гьеб мехалъ Одессаялда гIумру гьабулев вукIана

ИТАЛЬЯ́НЕЦ *м* италияв

ИТАЛЬЯ́НКА *ж* италияй

ИТАЛЬЯ́НСКИЙ, -ая, -ое италиязул(аб); италиялъул(аб); **~ язы́к** италиязул мацI

ИТАЛЬЯ́НЦЫ *мн.* италиял

И Т.Д. (*и так далее*) ва гь.ц. (*ва гьел гурел цогидалги*)

ИТО́Г *м в разн. знач.* хIасил; **~и разви́тия наро́дного хозя́йства** халкъияб магIишат цебетIеялъул хIасилал; **~и прове́рки** халгъабиялъул хIасилал; **о́бщие ~и** гIаммал хIасилал ◊ **в коне́чном ~е** тIарамагъадаги

ИТОГО́ *нареч.* кинабниги, кинабго; **~ ты́ сяча рубле́й** кинабниги азарго гъурущ

ИТО́ГОВ//ЫЙ, -ая, -ое хIасилаб, итогалъулаб; **~ые ци́фры** хIасилиял (итогалъулал) тарихал; **~ые заня́тия** хIасилал гьарулел дарсал

И Т.П. (*и тому подобное*) ва гь.р. (*ва гьелда релъъарабги*)

ИТТЕ́РБИЙ *м* иттербий (*хим. элемент, металл*)

И́ ТТРИЙ *м* иттрий (*хим. элемент, металл*)

ИУДЕ́ЙСКИЙ, -ая, -ое *ист.* ягъудиязул, жугъутIазул

ИХ *мест.* 1) *личн. вин., род. п. от* **они́** 2) *притяж.* дозул; **э́ то их дом** гьаб дозул мина буго

ИХТИО́ЛОГ *м* ихтиолог (*ихтиологиялъул специалист*)

ИХТИОЛО́ГИЯ *ж* ихтиология (*чугIби лъазариялъул зоологияб гIелму*)

ИША́К *м* хIама

ИШЕМИ́Я *ж* бидул хьвади дагьлъиялдалъун лага хIалтIунгутIи

И́ ШИАС *м мед.* ишиас (*рохокъотIул нерв унти*)

ИШЬ *частица разг.* бихьулищ, бихьуларищ, балагьеха; **~, как бы́ стро идёт!** бихьуларищ унеб бугеб хех! **~ ты!** балагьеха! бихьуларищ!

ИЩЕ́ЙКА *ж* 1) (*охотничья собака*) махI бачунеб гьой 2) *перен. разг.* (*сыщик*) жасус

ИЩУ́ , и́ щешь *и т.д. наст. от* **иска́ть**

ИЮ́ЛЬ *м* июль

ИЮ́ЛЬСК//ИЙ, -ая, -ое июлалъул(аб); **~ая жара́** июлалъулаб багIари

ИЮ́Н//Ь *м* июнь; **в ~е я был в о́тпуске** июналда дун отпускалда вукIана

ИЮ́НЬСКИЙ, -ая, -ое июналъул(аб); **~ день** июналъул къо

Й

ЙОГ *м* йог (*Индиялда: инсан, цин жинцаго живго лъазавун хадуб, тIабигIаталдаса къватIирехунисел къуватазда тIад квершел гьабизе кIолевлъун лъугьин мурадлъун бугеб философиябгун динияб малъи*)

ЙОД *м* йод (1 *бецIхъахIилаб кьералъул хим. элемент;* 2 *гьелъул спиртальулаб раствор*)

ЙО́ДИСТ//ЫЙ, -ая, -ое *хим.* йод гъорлъ бугеб; **~ые мета́ллы** йод гъорлъ бугел металлал

ЙОДОФО́РМ *м хим., фарм.* йодоформ (*медицинаялда дезинфекциялъе хIалтIизабулеб йод гъорлъ бугеб препарат*)

ЙОТ *м лингв.* йот (*“й” гьаракь*)

ЙО́Т//А *ж* йота (*“й” гьаракь бихьизабулеб греказул алфавиталъул хIарп*) ◊ **ни на ~у** кигIан дагьабниги

К

К (КО) *предлог с дат. п.* 1) (*при обозначении направленности действия в сторону кого-чего-л.*) -хъе, -де и *послелог* ас-кIобе; **к нам пришли́ го́сти** нижехъе гьалбал рачIана; **позва́ть к телефо́ну** телефоналде ахIизе; **идти́ к до́му** рукъалда аскIове ине 2) (*указывает на соприкосновение с кем-чем-л.*) -да; **приши́ть пу́говицы к пла́тью** гурдида маргъалал рукъизе; 3) (*при указании на добавление*) -де, тIаде; **к десяти́ прибави́ть пять** анцIгоялде щуго жубазе 4) (*при обозначении цели*) -де; **гото́виться к экза́менам** экзаменазде хIадурлъизе 5) (*при обозначении каких-л. чувств*) -де; **любо́вь к ро́дине** ватIаналде бугеб рокьи; **не́нависть к врагу́** тушманасдехун бугеб рокьукълъи 6) (*при указании на срок*) -де; **к столе́тию со дня рожде́ния писа́теля** хъвадарухъан гьавуралдаса нусго сон тIубаялде ◊ **приня́ть к све́дению** гIадахъ босизе; **лицо́м к лицу́** дандбитIун; **к тому́ же** гьелда тIадеги; **э́ то ни к чему́** гьеб кьваригIинаро, гьелъ кьезе жо гьечIо; **э́ то к сча́стью** гьеб талихIаъе батила; **быть гото́вым ко всему** сундуего (сундего) хIадурун вукIине

КА *частица разг.* 1) *при повел. накл. переводится частицей* -я; **дай-ка** кьея; **скажи́ -ка мне** бицея дида 2) *при буд. вр. переводится частицей* -ин; **куплю́ -ка я э́ту кни́гу** босизин дица гьаб тIехь

КАБА́К *м уст.* кабак (*цебе заманалда – гьакълил тукен*)

КАБАЛ//А́ *ж* 1) *ист.* кабала (*цебе Россиялда цо чи цогидасда цеве гIумруялъго налъуе гIоло хIалтIизе гьабураб хъвавулаб къотIи*) 2) *перен.* тIубараб (лагълъиялде бахараб) чияда рай; **попа́сть** *к кому́-л.* **в ~у́** тIубан чияда разе, *лъилниги* лагълъиялде ккезе

КАБА́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое 1) *ист.* зулмуяб, инсанлъиялдаса бахъараб 2) *перен.* лагълъиялде ккезарулеб; **~ догово́р** лагъ-лъиялде ккезарулеб къотIи

КАБА́Н *м зоол.* 1) хъабан болъон 2) бихьинболъон (*рукъалъул*)

КАБА́Н//ИЙ, -ья, -ье хъабан болъоналъул(аб), бихьинболъоналъул(аб); **~ья голова́** гIалхул болъоналъул бетIер; **~ьи следы́** гIалхул болъоналъул лъалкIал

КАБАРДИ́НЕЦ *м* кабардияв

КАБАРДИ́НКА[1] *ж* кабардияй

КАБАРДИ́НКА[2] *ж* (*танец*) кабардиязул кьурди, кабардин кьурди

КАБАРДИ́НСКИЙ, -ая, -ое кабардиязул(аб); **~ язы́к** кабардиязул мацI

КАБАРДИ́ НЦЫ *мн.* кабардиял

КАБАЧО́К[1] *м бот.* хъабхъил цо тайпа

КАБАЧО́К[2] *уменьш. от* **каба́к**

КА́БЕЛ//Ь *м* кабель; **подво́дный ~ь** лъеда гъоркьан бачараб кабель; **передава́ть по ~ю** кабелалдасан кьезе

КА́БЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое кабелалда хурхараб, кабелалъул(аб); **~ зово́д** кабель гьабулеб завод

КАБИ́НА *ж в разн. знач.* кабина; **~ грузовика́** юк баччулеб машинаялъул кабина; **телефо́нная ~** телефоналъул кабина; **~ лётчика в самолёте** самолеталда летчикасул кабина; **~ для́ та́йного голосова́ния** *рищиязда* балъгояб гьаракь кьеялъе бугеб кабина

КАБИНЕ́Т *м* 1) кабинет (*гIодор чIун, хIалтIи гьабулеб рукъ*); **~ дире́ктора** директорасул кабинет; **зубоврачёбный ~** гIусал-цаби къачIалеб кабинет 2) кабинет (*кабинеталда жаниб лъолеб мебель*); **оре́ховый ~** цIулакьодул цIулаца къачIараб кабинет 3) (*состав министров*) кабинет (*киналго министрал гъорлъе рачараб цолъи*); **~ мини́стров** министразул кабинет (хIукумат)

КАБИНЕ́ТНЫЙ, -ая, -ое кабинеталъул(аб), кабинеталда хурхараб; **~ стол** кабинеталъуб лъолеб (кабинеталъул) стол; **~ учёный** кабинеталъул гIалимчи (*теориялда цадахъ практика хIалтIизабуларев, гIумруялдаса тIурав*)

КАБИ́НКА *ж уменьш. от* **каби́на**

КАБЛУ́К *м* хьитил эгъе; **ту́фли на высо́ких ~а́х** эгъе борхатал туфлаби ◊ **быть под ~о́м** *у кого-л. лъилниги* кверщаликь, гьес малъарабги гьабун, вукIине (чIужуялъул хIатIикь…)

КАБОТА́Ж *м мор.* каботаж (*цо улкаялъул портазда гьоркьор гумул хьвади*)

КАБОТА́ЖНЫЙ, -ая, -ое каботажияб, каботажалъул(аб); **~ флот** каботажияб флот

КА́БЫ *союз. прост. част.* -ани; **~ я знал зара́нее** дида цебеккунго лъарабани

КАВАЛЕ́Р[1] *м* кавалер (орден щварав чи); **~ о́рдена Оте́чественной Войны́** ВатIанияб Рагъул орденалъул кавалер

КАВАЛЕ́Р[2] *м* кавалер (*аваданал данделъабазда чIужу-гIаданалъул ракI гъезабулев, цадахъ кьурдулев чи*)

КАВАЛЕРИ́ЙСКИЙ, -ая, -ое рекIаразул, кавалериялъул(аб), рекIаразул аскаралъул(аб); **~ полк** рекIаразул полк

КАВАЛЕРИ́СТ *м* рекIарав аскарияв, кавалерист

КАВАЛЕ́РИЯ *ж* рекIаразул аскар

КАВАРДА́К *м разг.* гIадлу-низам гьечIолъи, бада-гъудур; **устро́ить ~** гIадлу-низам хвезабизе

КА́ВЕРЗ//А *ж разг.* макру, хIилла, ламартлъи; **стро́ить ~ы** *кому-л. лъиениги* макру гьабизе, хIилла ургъизе, ламартлъи гьабизе

КА́ВЕРЗН//ЫЙ, -ая, -ое *разг.* макруяб, хIиллаяб, ламартаб; **~ый челове́к** макруяв чи; **задава́ть ~ые вопро́сы** макруял, жаваб кьезе захIматал суалал кьезе

КА́ВЕРНА *ж мед.* каверна *(чорхолъ гьан туриялдалъун лъугьунеб гьодорлъи)*; **~ в лёгком** гьуэралда лъугьараб каверна

КАВКА́ЗЕЦ *м* кавказияв, кавказалъулав

КАВКА́ЗКА *ж* кавказияй, кавказалъулай

КАВКА́ЗЦЫ *мн.* кавказиял, кавказалъулал

КАВЫ́ЧК//И *мн.* (*ед.* **~а** *ж*) кавычкаби; **поста́вить сло́во в ~и** рагIи кавычкабазда жаниб лъезе ◊ **ма́стер в ~ах** устарго гурев чи (хIуртIаустар, гьаракIунивехун устар)

КАГО́Р *м* кагор (*чагъиралъул цо тайпа*)

КАДЕ́Т[1] *м уст.* кадет (*цебе Россиялда гьоркьохъеб рагъулаб школалъул цIалдохъан*)

КАДЕ́Т[2] *м ист.* кадет (*Россиялда революциялда цебе букIараб конституциябгун демократияб партиялъул член*)

КАДЕ́ТСКИЙ[1], -ая, -ое *уст.* кадетазул(аб); **~ ко́рпус** кадетазул корпус *см.* **(каде́т**[1]**)**

КАДЕ́ТСК//ИЙ[2], -ая, -ое *ист.* кадетазул(аб); **~ая па́ртия** кадетазул партия (*см.* **каде́т**[2])

КА́ДКА *ж* къали, чирма

КА́ДМИЙ *м* кадмий (*хим. элемент, металл*)

КАДР *м* кадр (1 *кинопленкаялда цо сурат;* 2 *батIаго бахъараб сурат; 3 киноялдасан цо сцена)*

КА́ДРОВ//ЫЙ, -ая, -ое кадрабазул(аб); **~ый рабо́чий** кадрабазулав хIалтIухъан (*гIемераб заманалъ хIалтIулев вугев къимат хIалтIухъан*) ◊ **~ые войска́** кадрабазулал аскарал (*кидаго къватIире рахъине хIадурал аскарал)*

КА́ДР//Ы *мн.* 1) *воен.* кадраби (*ракъалил заманалда аскаралъул бутIабазул (частазул) хисулареб гIуцIи*) 2) кадраби (*производстоялда хIалтIулезул цого гIуцIи*); **техни́ческие ~** техникиял кадраби; **подгото́вка ~ов** кадраби хIадури; **отде́л ~ов** кадрабазул отдел

КАДУ́ШКА *ж* цIулал гьитIинабго къали

КАДЫ́К *м* щокърол цIил, мукъулукъил гIекI

КАЁМК//А *ж* хамил мицIир; хамил рагIалдаса гIебеде батIияб кьералъул мухъ (чIва); **плато́к с кружевно́й ~ой** хьухьун гьабураб мицIир ккураб кверлъин

КАЖДОДНЕ́ВНЫЙ, -ая, -ое щибаб къойилаб

КА́ЖД//ЫЙ, -ая, -ое *мест.* **1.** щибаб; **~ый ме́сяц** щибаб моцIалъ; **на ~ом шагу́** киса-кибего **2.** *в знач. сущ.* **~ый** *м* щивав; **~ый э́то зна́ет** щивасда гьаб лъала

КАЖУ́СЬ, ка́жешься *и т.д. наст. от* **каза́ться**

КА́ЖУЩ//ИЙСЯ, -аяся, -еяся уян кколеб, бугилан кколеб; **~еяся благополу́чие** бугилан кколеб парахалъи

КАЗА́К *м* хъазахъ; **те́рский ~** терекалъул хъазахъ

КАЗАКИ́ *мн.* хъазахъал

КАЗА́Н *м* хъазан, кIудияб хьаг

КАЗА́РМА *ж* казарма (*армиялда рагъухъаби регулеб рукъ*)

КАЗА́РМЕНН//ЫЙ, -ая, -ое казармаялъул(аб) ◊ **быть на ~ом положе́нии** казармаялъулаб къагIидаялда букIине (*рагъул заманалда часталда, хIалтIуда рукIине кколеб режим*)

КАЗА́ТЬ *несов. кого-что разг.* бихьизабизе, баккизабизе ◊ **не ~ глаз (но́су)** къватIиве ваккичIого, лъихъего инчIого чIезе

КАЗА́ТЬСЯ *несов.* **1.** 1) *кем-чем, каким* ккезе; **он ка́жется моло́же свои́х лет** гъов жиндица рарал саназдаса гIолохъанав вугилан ккола 2) *кому безл.* ккезе; **мне ка́жется, что э́то так** дида ккола гьеб гьадин бугилан **2.** *в знач. ввод. сл.* **ка́жется** балагъараб мехалъ; **он, ка́жется, согла́сен** балагъараб мехалъ**,** гъов разияв вуго ◊ **не ~ на глаза́** *кивениги, лъихъениги* вачIунгутIизе; вихьизе вукIунгутIизе

КАЗА́Х *м* казах

КАЗА́ХИ *мн.* казахал

КАЗА́ХСКИЙ, -ая, -ое казахазул(аб); **~ язы́к** казахазул мацI

КАЗАЦК//ИЙ, -ая, -ое хъазахъазул(аб); **~ая са́бля** хъазахъазул хвалчен (хъазахъхвалчен)

КАЗА́ЧЕСТВО *с собир.* хъазахъал

КАЗА́Ч//ИЙ, -ья, -ье хъазахъазул(аб); **~ья стани́ца** хъазахъа-зул росу(станица)

КАЗА́ЧКА *ж* хъазахъай

КАЗА́ШКА *ж* казахай

КАЗЁННН//ЫЙ, -ая, -ое 1) *уст. (государственный)* пачалихъа-лъул(аб); **на ~ый счёт** пачалихъалъул гIарцухъ; **~ое иму́щество** пачалихъалъул буголъи 2) *перен. (формальный)* тIаса-масагояб; **~ое отноше́ние к де́лу** ишалдехун тIаса-масагояб бербалагьи

КАЗНА́ *ж уст.* хазина; пачалихъалъул буголъи; боцIи, гIарац; **госуда́рственная ~** пачалихъалъул хазина, буголъи

КАЗНАЧЕ́Й *м* хазиначи (*кинаб бугониги идараялъул гIарацги къиматаб буголъиги цIунулев чи*)

КАЗНОКРА́Д *м* (*пачалихъалъул хIалтIудаги вукIун*) пачалихъалъул хазина (боцIи) бикъулев чи**;** цIогьор

КАЗНОКРА́ДСТВО *с* пачалихъалъул буголъи бикъи

КАЗН//Ь *ж* гъанкъи (*повешение*), чIвай (*расстрел*); **приговори́ ть к сме́ртной ~и** чIвазе къотIизе

КА́ЗУС *м (случай)* хадур гъезе кIолареб (*тамашаяб*) иш

КАЙЛА́ *ж* и **кайло́** *с* ччоборигаза, магIдан бахъулел чагIазул газа

КАЙМА́ *см.* **каёмка**

КАЙМА́К *м* тIорахь (*гьалараб рахьалда тIаса босараб*)

КАК 1. *нареч.* 1) *вопр. и относ. (каким образом)* кин, кинан; **~ вы пожива́ете?** кин ругел нуж?; **я не зна́ю, ~ э́то де́лается** дида лъаларо кин гьеб гьабулебали 2) *вопр. (в какой степени, насколько*) кигIан; **~ давно́ э́то бы́ло?** кигIан цебе гьеб букIараб? 3) *определит. (в воскл. предложениях*) кигIан, бугеб куц; **~ хорошо́ здесь!** кигIан лъикI бугеб гьаниб! гьаниб лъикI бугеб куц! **2.** *частица (выражает негодование, удивление и т.п.*) вахI; **~, ты ещё не уе́хал?** вахI, мун жеги инчIевищ? **3.** *союз.* 1) *сравн.*

-гIан; **бе́лый ~ снег** гIазугIан хъахIаб 2) (*в качестве кого-чего*) гIадин; **сове́тую ~ друг** гьудулас гIадин малъулеб буго 3) (*употребляется в начале вводных слов и предложений*) –хъего; **~ говоря́т** абухъего 4) (*для выражения временных отношений*) -даса; **прошёл год, ~ мы ви́ делись** лъагIел ана нилъ рихьаралдаса ◊ **вот ~ !** гьединищха!; **~ бы то ни́ было** кин букIаниги; **~ быть?** щиб гьабилеб?; **~ мо́жно лу́чше** бегьарабгIан лъикI; **кому́ ~ ре-къарасе** рекъараб; **~ раз** битIахъе; **~ то́лько** гьебсагIат; **~ есть** букIахъе; **~ ни говори́** щиб бицаниги; **~ мо́жно лу́чше** кигIан кIваниги лъикI; **~ ни в чем не быва́ло** щибниги ккечIеб гIадин; **~ в го́роде, так и в дере́вне** шагьаралдаги росулъги; **~ раз** дурус ккана; **мне э́ ти ту́фли ~ раз** дие гьал туфлаби дурус ккана

КАКА́О *с нескл.* какао

КА́К-ЛИБО *см.* **ка́к-нибудь**

КА́К-НИБУДЬ *нареч.* 1) (*каким-л. способом*) щиб гьабунги; **на́до ~ помо́чь ему́** щиб гьабунги гьесие кумек гьабизе ккола 2) *разг. (небрежно)* тIаса-масаго; **он всё де́лает ~** гьос кинабго тIаса-масаго гьабула 3) *разг. (когда-нибудь*) рес рекъарабго, ккарабго; **загляни́ ко мне ~ на той неде́ле** тIасияб анкьалъ, рес рекъани, вакке дихъе

КАК-НИКА́К *нареч. разг.* кин бугониги

КАКО́В *местн. вопр. и относ. в знач. сказ.* кинав; **~ он из себя́ ?** гьов кинав чи вугев?

КАК//О́Й, -ая, -ое 1) *мест. вопр., определит., при риторическом вопросе* кинаб; **~о́го цве́та его́ костю́ м?** кинаб кьералъул костюм бугеб гьосул?; **спроси, ~и́ е кни́ги нужны́** кинал тIахьал къваригIунелали цIехе; **~о́е э́то сча́стье!** кинаб талихIха гьеб бугеб!; **~о́й он учёный?** кинав гIалимчи гьев кколев? 2) *относит.* щиб; **~ сего́дня день?** жакъа щиб къо? 3) *неопр.* кинаб бугониги; **нет ли у вас ~о́го вопро́са?** кинаб бугониги суал бугищ нужер? **хоть ~** кинаб букIаниги; **ещё ~!** жибгоги кинабха!; **~ тако́й?** кинабилая? **ни в ~у́ю** щиб бицаниги; **ни в ~у́ю не согла́сен** щиб бицаниги, разилъуларо

КАКО́Й-ЛИБО *см.* **како́й-нибудь**

КАКО́Й-НИБУДЬ *мест. неопр.* 1) кинаб бугониги; **он и́щет каку́ю-нибу́дь рабо́ту** гьос кинаб бугониги хIалтIи балагьулеб буго 2) *разг.* (*приблизительно, не больше*) гIага-шагарго, -гIанасеб; **каки́ х-нибу́дь три ме́сяца оста́лось** лъабго моцIгIанасеб мех хутIун буго

КАКО́Й-ТО *мест. неопр.* 1) (*неясно какой*) кинабалиго; **ему́ нужна́ была́ кака́я-то кни́га** гьосие кинабалиго тIехь къваригIун букIана 2) *см.* **како́й-нибудь** 2; 3) *разг. неодобр.* кинавалиго

КАК-ТО 1. *нареч 1).* (*каким-то образом*) кинали (*лъаларо*); **он ~ суме́л убежа́ть** гьосда кинали тIуризе кIвана 2) (*в какой-то мере*) (*цо кинаб бугониги*) куцалъ; **он говори́ т ~ непоня́тно** гьов цо бичIчIуларе куцалъ кIалъалев вуго 3) (*однажды*) цо нухалъ; **я ~ раз был у него́** дун цо нухалъ вукIана гьосухъ 4) *вопр. и относит.* киндай; **~ они́ там пожива́ют?** киндай дол дора ругел?; **~ он отнесётся к э́ тому?** киндай гьесда гьеб бихьила? **2.** *в знач. частицы (а именно)* масала; **все предприя́тия, ~: строи́ тельные, тексти́ льные, полиграфи́ ческие** киналго предприятиял, масала: ралел бакIазул, рессарулел, полиграфиялъулал

КА́КТУС *м* кактус (*багIарарал улкабазда букIунеб рицатал, ччоборал гIаркьалабиги ругеб, мIанхазул бакIалда зазалги ругеб бижулеб жо*)

КАЛ *м* рак, гъиз, гъвес

КАЛАМБУ́ Р *м* каламбур (*рагIизе цогоял, магIна батIиял рагIаби каламалъулъ хIалтIизарун гьабулеб махсара*)

КАЛАНЧА́ *ж* 1) каланча (*цIа свинабулезул минаялда тIад бугеб хал кколеб си*) 2) *разг. шутл. (о человеке)* чIалгIадехалат

КАЛА́Ч *м* ролъул гурга ◊ **тёртый ~** хIалбихьи бугев, дунял бихьарав чи; **его ~о́м не зама́нишь сюда́** гьов гьаниве, щиб кьуниги, вачIунаро

КАЛА́ЧИКОМ *нареч.:* **сверну́ться** ~ гурун вегизе

КАЛЕ́КА *м, ж* лага гIайиблъарав чи, сакъатлъарав чи, гIажизав, гIажиз

КАЛЕНДА́РНЫЙ, -ая, -ое календарияб, календаралъул(аб); ~ **год** календарияб сон (1 *январалдаса 31 декабралде щвезегIан*)

КАЛЕНДА́РЬ *м* календарь, рузнама (*лъагIалида жанир киналго къоял рикIкIараб таблица, тIехь)*; **наста́льный ~** столалда лъолеб календарь

КАЛЕ́НИ//Е *с* (*по гл.* **кали́ ть**) цIадуда багIаризабун, багIараб кьер рехизаби, цIва бетизаби ◊ **довести́ до бе́лого ~я** кутакалда щин бахъинабизе

КАЛЁН//ЫЙ, -ая, -ое 1) цIва бетизабураб, цIакъго багIаризабураб; **~ое желе́зо** цIакъго багIаризабун, багIараб кьер рехараб махх 2) (*поджаренный*) барсараб; **~ые се́мечки** барсараб семечка 3) (*закаленный*) лъадарараб; **~ая стрела́** лъадарараб чIор ◊ **вы́ -жечь ~ым желе́зом** *что-л.* рахIму тун, вахIшиго *щибниги* тIагIинабизе

КАЛЕ́ЧИ//ТЬ *несов. кого-что* 1) лага гIайиблъизабизе, сакъатлъизабизе; **война́ ~т люде́й** рагъалъ гIадамал сакъатлъизарула 2) *перен. (уродовать, портить)* бегI хвезабизе, хвезабизе; **~ть маши́ ну** машина хвезабизе

КАЛИ́ БР *м* калибр (1 *воен. ярагъалъул хIарадул гIатIилъи;* 2 *тех. кинаб бугониги тIагIелалъул цо хасаб роцен*)

КА́ЛИЙ *м* калий (*химиялъул элемент, металл*)

КАЛИ́ ЙН//ЫЙ, -ая, -ое калиялъул(аб), калиялъул гьабураб; **~ые удобре́ния** калиялъул удобрениял (*ракь беэн гьабулел жал*)

КАЛИ́ НА *ж* калина, палам

КАЛИ́ТК//А *ж* гъалду, чIимгIа; **откры́ть ~у** гъалду рагьизе

КАЛИ́ТЬ *несов. что* кутакалда багIаризабизе; **~ желе́зо** махх кутакалда багIаризабизе 2) (*жарить*) барсизе; **~ се́мечки** семечка барсизе

КАЛИ́ Ф *м см.* **хали́ ф** ◊ **~ на час** *ирон.* къокъаб заманалъ гурони, квершел кодобе щвечIев чи

КАЛЛИГРА́Ф *м* хатIберцин

КАЛЛИГРАФИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое каллиграфиялъул(аб), каллиграфияб; берцинаб; **~ по́черк** берцинаб хатI

КАЛЛИГРА́ФИЯ *ж* каллиграфия, берцинхъвай

КАЛМЫ́ К *м* калмыкав

КАЛМЫ́ КИ *мн.* калмыкал

КАЛМЫ́ ЦКИЙ, -а, -ое калмыказул(аб); **~ язы́ к** калмык мацI

КАЛМЫ́ ЧКА *ж* калмыкай

КАЛОРИ́ ЙНОСТЬ *ж* калорийность (*энергиялъул цо хасаб къадар, беэнлъи*)

КАЛОРИ́ ЙН//ЫЙ, -ая, -ое беэнаб, калорияб (*энергиялъул цо хасаб къадар бугеб*); **~ая пи́ ща** беэнаб квен

КАЛОРИ́МЕТР *м* калориметр (*беэнлъиялъул къадар борцунеб алат*)

КАЛО́РИЯ *ж физ.* калория (*энергиялъул, беэнлъиялъул къадар борцунеб роцен*)

КАЛО́Ш//И *мн.* (*ед.* **~а** *ж*) калушал ◊ **сесть в ~у** битIги ккечIого, ракI релъараб, лазат бахъараб хIалалде ккезе; **посади́ ть в ~у** *кого-л.* ракI релъараб, лазат бахъараб хIалалде ккезавизе

КАЛЫ́ М *м* хъалим

КА́ЛЬКА *ж* калька (1 *чертежаздаса яги суратаздаса копия бахъизе хIалтIизабулеб гьорлъан канлъи бихьулеб кагъат яги ххам;* 2 *гьединаб кагътида гьабураб чертежалъул, сураталъул копия;* 3 *линг. батIияб мацIалъул жубараб рагIи яги рагIул гIуцIи батIахъего буссинабун лъугьараб рагIи*)

КАЛЬКИ́РОВАТЬ *несов. что* 1) калькаялдехун бахъизе; чертеж калькаялдехун бахъизе 2) *лингв.* калька лъугьинабизе

КАЛЬКУЛИ́РОВАТЬ *несов. что* калькуляция гьабизе (*къайиялъул кинабго харж ва щвезе кколеб мухь чIезабизе*)

КАЛЬКУЛЯ́ ТОР *м* 1) калькуляция гьабулев чи 2) калькулятор (*алат*)

КАЛЬКУЛЯ́ ЦИЯ *ж* къайидул босарабги бичарабги багьаялъул хIисаб-суал гьаби

КАЛЬСО́НЫ *мн.* бихьиназул гъоркьантIажу

КА́ЛЬЦИЙ *м* кальций (*химиялъул элемент, металл*)

КАЛЬЯ́ Н *м* хурхур (хулхул) хъалиян

КАМА́ЗОВСК//ИЙ, -ая, -ое; *м* камазалъул; **~ий кузов** камазалъул кузов

КА́МБАЛА *ж* камбала (*ччугIа)*

КАМВО́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое *текст.* чIванквасул гьабураб

КАМЕНЕ́ТЬ *несов.* 1) гамачIлъун къвакIизе 2) *перен. (о лице, членах тела)* собозе, цIоро-гъорозе, рухI гьечIеблъун лъугьине 3) (*ожесточаться*) цIакъго щин бахъун лъугьине

КАМЕНИ́СТ//ЫЙ, -ая, -ое гамачI гIемераб, гамачI хIалаб; **~ая по́чва** гамачI хIалаб ракь

КАМЕННОУ́ГОЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое ганчIитIорччол(аб), ицидул(аб); **-ая промы́шленность** ганчIитIорччол промышленность

КА́МЕНН//ЫЙ, -ая, -ое ганчIил(аб); **~ый дом** ганчIил рукъзал ◊ **~ век** ганчIил гIасру (*цIакъго цебе гIадамаз ганчIил тIагIалаби хIалтIизарулел рукIараб заман*); **~ый уголь** ганчIитIурччи; **~ое се́рдце** ганчIил(аб) ракI, гурхIел гьечIеб ракI

КАМЕНОЛО́МНЯ *ж* гамачI бахъулеб бакI

КАМЕНОТЁС *м* гамачI бекIкIун къачIалев чи

КА́МЕНЩИК *м* къадахъан

КА́М//ЕНЬ *м в разн. знач.* гамачI, гьецIо; **броса́ться ~ня́ ми** ганчIал рехизе; **драгоце́нный ~ень** къиматаб гамачI ◊ **краеуго́льный ~ень** аслияб гамачI, *цо сундулниги* аслу, аслияб бутIа; **~ня на ~е не оста́вить** ганчIида тIад гамачI тунгутIизе (*тIубан биххизабизе*); рахIму гьечIого, къватIиб чIвазабизе; **держа́ть ~ень за па́зухой** рекIелъ щинги цIунун вукIине; **упа́сть ~нем** гамачI гIадин вортизе; **у меня́ ~ень лежи́ т на се́рдце** дир рекIеда гьеб захIмалъун буго

КА́МЕРА *ж в разн. знач.* камера; **~ хране́ния** къайи-къоно цIунулеб камера; **тюре́мная ~** туснахъалъул камера, туснахъ-рукъ; **~ футбо́льного мяча́** футбол хIалеб торгIоялъул камера; **~ фотоаппара́та** фотоаппараталъул камера (*пленка лъолеб бакI)*

КА́МЕРН//ЫЙ, -ая, -ое *муз.* камерияб (*гIемер кIудияб гуреб, дагьалго чагIиги гьоркьор гIахьаллъун бачунеб музыкаялъулаб асар*); **~ый конце́рт** камерияб концерт; **~ая му́зыка** камерияб музыка

КАМЕРТО́Н *м муз.* камертон (*музыкалиял алатал яги хоралъ ахIулеб кечI жинда рекъезабулеб, тIад кIутIараб мехалъ гьаракь бахъунеб чармил кIикIвекьаб тIагIел*)

КА́МЕШЕК *м* чIимих, гIисинаб гамачI, чабах; гьитIинаб гамачI

КАМИКА́ДЗЕ *неизм.*; *м* и *ж* 1) камикадзе (*кIиабилеб дунялалъул рагъда самолетгун цадахъ нахъвуссинчIого хвезе кколев вукIарав япониязул летчик*) 2) хвезелъун къват1иве вахъарав чи

КАМИ́ Н *м* камин, гъасито, тавухан

КАМПА́НИЯ *ж* 1) *ист.* кампания; **ру́сско-япо́нская ~** гIурусазулгун япониязул кампания 2) *воен., мор.* кампания (*флоталъул лъедолеб яги рагъулал операцияби гьарулеб заман*) 3) (*мероприятие*) кампания; **избира́тельная ~** рищиязул кампания; **посевна́я ~** рекьул кампания

КАМУФЛЯ́ Ж *м воен.* камуфляж (*тушманасда рихьунгутIизелъун рагъул тIагIелалазул, батIи-батIияб кьералъ релъун, сипат хвезаби*)

КА́МФАРА *ж мед.* камфара

КА́МФАРНЫЙ, -ая, -ое камфараялъул(аб); **~ спирт** камфараялъул спирт

КАМЫ́ Ш *м* муцIи

КАМЫШИ́ Т *м* камышит (*гьоркьосан телалъул кварги биччан, цоцалъ гъункизабун хьухьараб муцIидул гьарурал, рукъзал раялъе хIалтIизарулел хъарщал (плитаби*), муцIидул хъарщал

КАМЫШО́В//ЫЙ, -ая, -ое муцIидул(аб), муцIиялъул гьабураб; **~ые за́росли** муцIидул гъарцIал; **~ая кры́ ша** муцIидул тIох

КАНА́ВА *ж* канава (*лъим бачине гьабураб гIемер кIудияб гуреб рахъ*), лъелрахъ

КАНАВОКОПА́ТЕЛЬ *м* канавал рахъулеб машина

КАНА́ДЕЦ *м* канадаялъулав

КАНА́ДКА *ж* канадаялъулай

КАНА́ДСКИЙ, -ая, -ое канадаялъул(аб)

КАНА́ДЦЫ *мн.* канадаялъулал

КАНА́Л *м* 1) канал; **ороси́тельный ~** лъалъадизе бахъараб канал 2) *тех.* гомог 3) *анат.* мухъ; **пищевари́ тельный ~** кванимухъ 4) *мн.* **~ы** *перен. щибниги* иш рагIалде бахъиналъе квербакъи гьабулел ресал (нухал); **дипломати́ ческие ~ы** дипломатиял нухал

КАНАЛИЗАЦИО́НН//ЫЙ, -ая, -ое канализациялъул(аб); **~ая сеть** рахъ-рахъалде рикьарал канализациялъулал рогIрал, квегIенлъаби

КАНАЛИЗА́ЦИЯ *ж* канализация (*шагьаралдаса яги росабалъа къватIибе ракьулъан чороклъи бачарал рогIрал ва каналал*)

КАНАРЕ́ЙКА *ж* канарейка (*рокъоб хьихьулеб канчIтIогьилаб берцинаб гьаракьалъул хIинчI)*

КАНА́Т *м* бицатаб квар

КАНА́ТН//ЫЙ, -ая, -ое кварил; **~ая доро́га** кварил нух

КАНВ//А́ *ж* 1) канва (*тIад угьарулеб картIахараб ххам*); **вы́шивка кресто́м по ~е́** канваялда тIад, хъанчал гьарун, угьин; **~а́ произведе́ния** асаралъул сюжеталъул аслиял рахъал

КАНДАЛЫ́ *мн.* маххал; **закова́ть в ~** маххал разе

КАНДИДА́Т *м в разн. знач.* кандидат; **~ в чле́ны па́ртии** партиялъул членлъиялде кандидат; **~ в депута́ты** депутатлъиялде кандидат; **~ истори́ ческих нау́к** тарихиял гIелмабазул кандидат

КАНДИДА́ТСКИЙ, -ая, -ое кандидатасул(аб), кандидатлъи-ялъул(аб), кандидатлъиялда хурхараб; **~ стаж** кандидатлъиялъул стаж

КАНДИДАТУ́ Р//А *ж* кандидатура (*кандидатлъун вихьизавурав чи*); **подходя́щая ~а** данде кколеб, мустахIикъаб кандидатура; **вы́ ставить** *чью-л.* **~у** *лъилниги* кандидатура лъезе

КАНИ́ КУЛЫ *мн.* каникулал; **весе́нние ~ шко́льников** школлъималазул ихдалил каникулал

КАНИКУЛЯ́ РН//ЫЙ, -ая, -ое каникулазул(аб); **~ое вре́мя** каникулазул заман

КАНИ́СТРА *ж* канистра (*цIатари яги машинабазул нах жанибе тIолеб, гъункун кIалтIу къалеб бак*)

КАНИТЕ́ЛЬ *ж* 1) меседкун, гIарацкун; 2) *перен. разг.* лъугIулареб, чIамучIаб хабар (хIалтIи, иш) ◊ **тяну́ть (разводи́ ть) ~** хадуб бехъерхъизабизе; цого жо бицине

КАНИТЕ́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое *разг. (нудный)* чIамучIаб, лъугIулареб

КАНО́Н *м (правило)* канон, къанун

КАНОНА́ДА *ж* гIарадабазул кутаткаб кьвагьи

КАНОНЕ́РКА *ж мор.* канонерка (*рагIалдаса гIебеде рагъулал ишал гьарулеб кIудияб гуреб рагъул гама*)

КАНО́Э *с нескл. спорт.* каноэ *(накалдаги чIун, цо рахханалъ бачунеб раса)*

КАНТ *м* чалу (*рагIалдасан, мицIиралдасан кколеб)*

КАНТА́ТА *ж муз.* кантата (*музыкалиял алатазда данде хоралъ ахIулеб рохалилаб кечI)*

КАНТОВА́ТЬ *несов. что* 1) (*окаймлять кантом*) сверун чалу кквезе 2) (*переворачивать*) бегуниса сверизабизе; **не ~** бегуниса сверизабуге

КАНУ́ Н *м сунданиги* цебесеб къо, *сунданиги* цебесеб заман; **~ но́вого го́да** цIияб сон щвелалде цебесеб къо; **в ~ револю́ ции** революция тIаде щолеб заманаялъ

КА́НУТЬ *сов.:* **~ в ве́чность** тIубанго (абадиялъго) тIагIине; **как в во́ду ~** араб бакI лъачIого, тIагIине

КАНЦЕЛЯ́ РИЯ *ж* канцелярия

КАНЦЕЛЯ́РСК//ИЙ, -ая, -ое канцеляриялъул(аб), канцеляриялда хурхараб; **~ие това́ры** канцеляриялъул хIалтIуе къваригIунеб къайи ◊ **~ий язы́ к** бакIаб, захIматаб мацI

КА́НЦЛЕР *м* канцлер (*цо-цо пачалихъазда министрзабазул советалъул председатель*)

КАНЬО́Н *м* каньон (*гIуруца чурун яги жибго лъугьараб рорхатал кьурабазда гьоркьоб бугеб жаниблъи*), кIудияб халатаб кIкIал

КАНЮ́ЧИТЬ *несов. прост.* зурзудулаго *щибниги жо* гьаризе

КА́П//АТЬ *несов.* 1) тIинкIизе; **из глаз у него́ ~али слёзы** гъосул бадиса магIу тIинкIулеб букIана 2) тIенкIезе; **из кра́на ~ала вода́** краналъуса лъим тIенкIолеб букIана 3) *что (лить по капле)* тIинкIизабизе; **~ать лека́рство в рю́ мку** рюмкаялда жанибе дару тIинкIизабизе 4) *что (проливать)* тIаде инабизе, тIаде тIенкIезабизе; **не ка́пай вино́ на ска́терть** скатерталда тIаде чагъир тIенкIезабуге ◊ **над ним не ~лет** гъосул гIедегIизе ккараб жо гьечIо (*гIедегIизе гIилла гьечIо*)

КАПЕ́ЛЬ *ж* 1) (*та́яние*) тIенкIолаго биин 2) *собир. (капли)* биараб гIазул тIинкIулел къатIраби

КА́ПЕЛЬК//А *ж* 1) *уменьш. от* **ка́пля** 2) *перен. (самое малое количество)* къатIра, зарра, асар; **нет ни ~и табаку́** танхьил къатIра хутIун гьечIо ◊ **~у** *(чуть–чуть)* дагьа-макъаб; **ни ~и** цо щибниги (*гьечIо, кьеларо…*)

КА́ПЕЛЬНИЦА *ж* 1) капельница (*даруялъул къатIраби рикIкIине кIолеб санагIалъи кIалтIа къазабураб шиша*) 2) пипетка (*дару къатIрабаз борцунеб, цояб рахъалда резинаги хураб цIорол мацу*)

КАПИЛЛЯ́ Р *м* капилляр (1 *физ. цIакъ тIеренаб трубка*; 2 *анат. бищун тIеренаб бидурихь*)

КАПИЛЛЯ́РН//ЫЙ, -ая, -ое капиллярияб; **~ые сосу́ды** капилляриял бидурихьал

КАПИТА́Л *м* 1) капитал (*цо хасаб къадар тIаде цIикIкIун щвезе квер бакъулеб гъоркь бугеб къадар*); **промы́шленный ~** промышленнияб капитал; **фина́нсовый ~** финансазулаб капитал; **основно́й ~** аслияб капитал; **стра́ны ~а** капиталалъул улкаби 2) *разг. (значительная сумма денег)* буголъи, боцIи ◊ **мёртвый ~** гIодоб бегараб, пайда босулареб буголъи

КАПИТАЛИ́ ЗМ *м* капитали́ зм

КАПИТАЛИ́ СТ *м* капиталист

КАПИТАЛИСТИ́ ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое капитализмалъул(аб); **~ие стра́ны** капитализмалъулал улкаби, капиталистиял улкаби

КАПИТАЛОВЛОЖЕ́НИ//Я *мн. (ед.* **~е** *с*) эк. капиталовложениял (*иш цебе бачине гьелда тIад харж гьабулеб гIарац*)

КАПИТА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое (*главный*) аслияб, алъуяб, щулияб, цIакъ кIвар бугеб; **~ая стена́** аслияб къед; **~ый ремо́нт** ргIаракьанде щвараб ремонт; **~ое строи́ тельство** цIиял предприятиял, минаби ва гь. ц. рай

КАПИТА́Н *м в разн. знач.* капитан; **~ су́дна** гамил капитан; **~ футбо́льной кома́нды** футболалъул командаялъул капитан

КАПИТА́НСК//ИЙ, -ая, -ое капитанасул(аб), капитанлъиялда хурхараб; **~ие пого́ны** капитанасул погонал

КАПИТУЛИ́РОВАТЬ *сов. и несов.* 1) мутIигIлъизе, кверде ине 2) *перен. (отступить)* нахъе къазе, хIинкъизе; **~ перед тру́дностями** захIмалъабаздаса хIинкъизе

КАПИТУЛЯ́ НТ *м* хехго мутIигIлъулев, кверде унев, нахъе къалев, хIинкъулев чи

КАПИТУЛЯ́ ЦИЯ *ж* капитуляция *(рагъиги тун, бергьаразе бокьухъе кверде ин);* **безогово́рочная ~** бергьаразда цере кинал ругониги шартIалги лъечIого, кверде ин 2) *перен.* капитуляция (*гьабулеб букIараб ишалдаса инкар гьабун, мутIигIлъун чIей, къун чIей*)

КАПКА́Н *м* гудур, къор, къотен; **ста́вить ~** гудур гъезе

КА́ПЛ//Я *ж* 1) къатIра, тIири; **~и дождя́** цIадал къатIраби 2) *мн.* **~и** *мед.* къатIраби; **глазны́ е ~и** беразул дару 3) *перен. разг. (малое количество чего-л.)* тIири, цIакъ дагьаб къадар; **нали́ ть ~ю** цIакъ дагьаб къадар тIезе ◊ **~и в рот не брал** къатIра кIалдибе босун букIинчIо, тIириги гьекъон букIинчIо; **до после́дней ~и кро́ви** ахирисеб би тIинкIизегIан; **как две ~и воды́** *лъел кIиго къатIрагIанги* релъгьарал; **~я в мо́ре** цIакъго дагьаб къадар

КА́ПНУТЬ *однокр. к* **ка́пать**

КАПО́Р *м* капор (*чIалаз нилъалкье бухьунеб лъималазул яги руччабазул хасалил тIагъур*)

КАПО́Т *м тех.* капот, тIалъел; **~ мото́ра** моторалъул тIалъел

КАПРИ́З *м* 1) гогьдари, мекълъи́, барщари, назназди; **де́тские ~ы** лъималазул гогьдари 2) *перен.* цо хIалалда чIунгутIи; **~ мо́ды** модаялъул цо хIалалда чIунгутIи

КАПРИ́ ЗНИЧАТЬ *несов.* гогьдаризе, барщаризе

КАПРИ́ ЗН//ЫЙ, -ая, -ое 1) гогьаб, барщарулеб; **~ый ребёнок** барщарулеб лъимер 2) *перен.* хисардулеб; **~ая пого́да** хисардулеб гьава-бакъ

КАПРО́Н *м* капрон

КАПРО́НОВ//ЫЙ, -ая, -ое капроналъул(аб); **~ые чулки́** капроналъул щватаби

КА́ПСУЛА *ж* 1) *фарм.* капсула (*даруялъе желатиналъул гьабураб лъел*) 2) *техн.* капсула (*жанибе–къватIибе гьава хьвадулареб, гъункараб жинда жаниб щибниги лъолеб жо*)

КАПУ́ СТ//А *ж* капуста, хъапустIан; **кочА́н ~ы** хъапустIаналъул бетIер

КАПУ́ СТНЫЙ, -ая, -ое хъапустIаналъул(аб); **~ лист** хъапустIаналъул тIамах

КАПЮШО́Н *м* капюшон (*ратIил горбода рекIараб тIагъур гIадаб жо*)

КА́Р//А *ж* тамихI, жаза, рецIел; **подве́ргнуть стро́гой ~е** кьварараб тамихI гьабизе

КАРАБИ́ Н *м воен.* карабин (*къокъаб хIарадул туманкI)*

КАРА́БКАТЬСЯ *несов.* харизе; **~ на го́ру** магIарде харизе

КАРАВА́Й *м* кIудияб гургинаб чед

КАРАВА́Н *м* караван, карман; **~ верблю́ дов** варанабазул карман; **~ суд6в** гумузул карман

КАРАВА́ННЫЙ, -ая, -ое караваналъул(аб), караванлъиялда хурхараб; **~ путь** караваналъул нух

КАРАГА́Ч *м* чIегIермах *(гъветI)*

КАРАИ́ М *м* караимав

КАРАИ́ МКА *ж* караимай

КАРАИ́ МСКИЙ, -ая, -ое караимазул

КАРАИ́ МЫ *мн.* караимал

КАРАКАЛПА́К *м* каракалпакав

КАРАКАЛПА́КИ *мн.* каракалпакал

КАРАКАЛПА́КСКИЙ, -ая, -ое каракалпаказул(аб); **~ язы́к** каракалпаказул мацI

КАРАКАЛПА́ЧКА *ж* каракалпакай

КАРА́КОВЫЙ, -ая, -ое чIегераб тIомалда буриял тIанкIал ругеб (*чу*)

КАРАКУЛЕВО́ДСТВО *с* бухари тайпаялъул гIи гIезаби

КАРАКУЛЕВО́ДЧЕСКИЙ, -ая, -ое бухари тайпаялъул гIи гIезабулеб

КАРА́КУЛЕВЫЙ, -ая, -ое бухаридул(аб), тахтадул(аб); **~ воротни́ к** тахта лъураб габур (*махтадул габур*)

КАРА́КУЛ//И *мн.* (*ед.* **~я** *ж*) сурукъаб, хашаб хатI; **писа́ть ~ями** сурукъго хъвазе

КАРА́КУЛЬ *м* бухари, тахта; **се́рый ~** цIахIилаб тахта

КАРАКУЛЬЧА́ *ж* тахта (*ургьиса бахъараб кьегIералъул*)

КАРАМЕ́ЛЬ *ж собир.* чакаралъул, крахмалалъул гьацIул конфетал, карамель; **фрукто́вая ~** пихъил карамель

КАРАНДА́Ш *м* къалам; **чёрный ~** чIегIераб къалам; **цветны́ е ~и́** кьер бугел къалмал

КАРАНТИ́Н *м* карантин (*рахунел унтабаз унтарал яги гьезда аскIор рукIарал заманалъ батIаго чIезари*); **наложи́ ть ~** карантин лъезе

КАРАНТИ́ ННЫЙ, -ая, -ое карантиналъул(аб), карантиналда хурхараб; **~ срок** карантиналъул болжал

КАРАПУ́ З *м разг.* карапуз (*кьари-гьарияб гьитIинаб лъимер*)

КАРА́СЬ *м* карась (*ччугIа*)

КАРА́Т *м* карат (*алмазазул ва цогидалги къиматал ганчIазул 0,2 граммалда бащадаб роцен*)

КАРА́ТЕЛЬ *м* жазачи, жазачагIазул къокъаялъул гIахьалчи, тамихI гьабулев чи

КАРА́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое жазачагIазул(аб); **~ отря́д** жазачагIазул къокъа

КАРА́ТЬ *несов. кого-что* тамихI гьабизе, жаза гьабизе; **~ престу́пников** такъсирчагIазе тамихI гьабизе

КАРА́//ТЬСЯ *несов.*: **э́то ~ется зако́ном** законалъ гьеб ишалъе тамихI гьабула (законалъ гьеб гьукъула)

КАРАУ́ Л *м* 1) хъаравул, хъаравуллъи; **нести́ ~** хъаравуллъи гьабизе; **смени́ ть ~** хъаравул хисизе; **почётный ~** хIурматияб хъаравуллъи 2) *в знач. межд. разг. (на помощь!)* аман, мадад! кумек гьабе!

КАРАУ́ЛИ//ТЬ *несов. кого-что* 1) (*сторожить*) цIунизе; **~ть сад** ах цIунизе 2) *разг. (подстерегать)* хъаравуллъи кквезе, чан къан чIезе; **ко́шка ~т мышь** катица гIонкIкIое чан къан буго

КАРАУ́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое **1.** хъаравуласул(аб), хъаравул-лъиялда хурхараб; **~ая слу́жба** хъаравуласул хъулухъ **2.** *в знач. сущ.* **~ый** *м (часовой)* хъаравул **3.** *в знач. сущ.* **~ая** *ж (помещение)* хъаравуласул рукъ

КАРАЧА́ЕВЕЦ *м* карачаялъулав, гьарачаяв

КАРАЧА́ЕВКА *ж* карачаялъулай, гьарачаяй

КАРАЧА́ЕВСКИЙ, -ая, -ое карачаязул(аб); **~ язы́ к** карачаязул мацI, гьарачай мацI

КАРАЧА́ЕВЦЫ *мн.* карачаялъулал, гьарачаял

КАРА́ЧК//И *мн. разг.*: **стать на ~и** ункъида чIезе; **ползти́ на ~ах** ункъида хъурщизе

КАРБО́ЛКА *ж разг.* карболка (*карболалъул кислота*)

КАРБО́ЛОВ//ЫЙ, -ая, -ое карболка гъорлъ бугеб; **~ое мы́ло** карболка гъорлъ бугеб сапун

КАРБОНА́Т *м* карбонат (*углерод гъорлъ бугел химиялъулал цIамал*)

КАРБУ́ НКУЛ *м мед.* карбункул (тIомалда рецIцI ккей)

КАРБЮРА́ТОР *м тех.* карбюратор

КАРГА́ *ж разг.* хераб гъеду (*семулелъул херай гIаданалде балеб рогьо* (б)

КАРДИНА́Л *м* кардинал (*католиказул бетIерасдаса хадусеб хъулухъалъул чи*)

КАРДИНА́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое бищун кIвар бугеб, кьучIаб; **~ый вопро́с** бищун кIвар бугеб суал

КАРДИОГРА́ММА *ж* кардиоаграмма (*рекIел кьабиялъул графикаялъулаб сурат*)

КАРДИО́ГРАФ *м* кардиограф (*ракI хIалтIулеб куц хъвалеб алат*)

КАРДИОГРА́ФИЯ *ж* кардиография (*кардиографалъул кумекалдалъун рекIел кьабиялъул сурат бахъи*)

КАРДИО́ЛОГ *м* кардиолог (*кардиология гIелмуялъул тохтур*)

КАРДИОЛОГИ́ ЧЕСКИЙ, -а, -ое кардиологиялъул(аб)

КАРДИОЛО́ГИЯ *ж мед.* рекIел унтабазда тIад хIалтIулеб медицинаялъул бутIа

КАРЕГЛА́ЗЫЙ, -ая, -ое бецIсурмиял беразул чи

КАРЕ́Л *м* карелав

КАРЕ́ЛКА *ж* карелай

КАРЕ́ЛЫ *мн.* карелал

КАРЕ́ЛЬСК//ИЙ, -а, -ое карелазул(аб); **~ий язы́к** карелазул мацI; **~ая берёза** карелазул мах

КАРЕ́ТА *ж* карета (*ункъо гьокоялъул, бутIалги ругеб, тIад рукъ гьабураб чолгьоко*) ◊ **~ ско́рой по́мощи** *уст.* унтарасе кумек гьабизе хас гьабун битIулеб машина, хехаб кумекалъул машина

КАРЕ́ТКА *ж тех.* каретка (*цо-цо тIагIелалда букIунеб хъущтIун добе-гьанибе хъвадулеб алат*); **~ пи́шущей маши́нки** хъвадарулеб машинкаялъул каретка

КА́РИЙ, -яя, -ее 1) (*о цвете глаз*) сурмияб 2) (*о масти лошади*) тIулакъераб; **~ конь** тIулакъераб чу

КАРИКАТУ́ РА *ж* 1) (*рисунок*) карикатура (*цо иш ялъуни гIадан махсараде кквезе бахъараб сурат*) 2) *перен.* карикатура (*щибниги жо какун бихьизаби*)

КАРИКАТУ́ РНЫЙ, -ая, -ое 1) карикатурияб 2) *перен. (нелепый)* гIантаб

КА́РКАНЬЕ *с* 1) (*вороны*) гъагъади 2) *перен. прост.* ричIчI беки

КАРКА́С *м* 1) (*здания*) каркас, къали 2) (*изделия*) черх; **~ абажу́ра** абажуралъул каркас

КА́РКАТЬ *несов. (о вороне)* гъагъадизе, къвакъвадизе 2) *перен. прост. см.* **ка́рканье**

КА́РКНУТЬ *однокр. к* **ка́ркать**

КА́РЛИК *м* карлик (цIакъго чорхокъав чи)

КА́РЛИКОВ//ЫЙ, -ая, -ое чорхокъаб, гIисинаб; **~ые дере́вья** гIисинал, кIодолъуларел гъутIби; **~ый рост** чорхокъаб лага

КАРМА́Н *м* чванта, киса; **вну́тренний ~ пальто́** пальтоялъул жанисеб чванта ◊ **то́лстый карма́н** бицатаб чванта; **пусто́й ~** жаниб гъури бахъараб чванта; **набива́ть ~** чванта цIезабизе; **не по ~у** *кому-л.* босизе хIал кIоларо

КАРМА́НН//ЫЙ, -ая, -ое чвантил, чвантаялъул(аб); **~ый кла́пан** чвантил тIалъел; **~ые часы́** чвантиниб лъолеб сагIат; **~ый слова́рь** чвантиниб лъолеб словарь ◊ **~ые де́ньги** гIисибикъинаб харжалъе бугеб гIарац, цебе бугеб гIарац

КАРМА́ШЕК *ж уменьш. от* **карма́н**

КАРНАВА́Л *м* карнавал (*маскарадгин аваданлъиялда тIобитIулеб байрам*); **~ на льду** цIерда тIад тIобитIулеб карнавал

КАРНАВА́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое карнавалалъул(аб); **~ костю́м** карнавалалъул костюм

КАРНИ́З *м* карниз, мицIир, мегIели

КАРП *м* карп (*ччугIа*)

КА́РТ//А *ж* 1) *в разн. знач.* карта; **географи́ческая ~а** географиялъул карта; **санато́рная ~а** санаториялъул карта (*санаториялда унтаразул чорхол хIал хъвараб гьитIинаб тIехь*) 2) кагьат; **игра́ть в ~ы** кагьтал хIазе ◊ **раскры́ть свои́ ~ы** ракIалда бугеб жо бицине

КАРТА́ВИТЬ *несов.* **р, л** гьаркьал мекъи рахъизе (рахъун бажарунгутIизе)

КАРТА́ВЫЙ, -ая, -ое **р, л** гьаркьал рахъун бажаруларев

КАРТЁЖНИК *м разг.* кидаго кагьтал хIалев вукIунев чи

КАРТЁЖНЫЙ, -ая, -ое кагьтазул(аб), кагьтал хIаялда хурхараб

КАРТЕ́ЛЬ *м эк.* картель (*цIикIкIун мухь щвеялъе гIоло цоцада релъълъараб хIалтIи гьабулел фирмабазда гьоркьоб гьабураб къотIи*)

КАРТЕ́ЧЬ *ж* 1) (*снаряд*) гIарададул гуллил сачма 2) (*дробь*) чанахъанасул тункIил чIахIияб сачма

КАРТИ́Н//А *ж* 1) сурат; **нарисова́ть ~у** сурат бахъизе; **~а гор** мугIрузул сурат 2) *театр.* картина; **втора́я ~ пе́рвого а́кта** тIоцебесеб пардавалъул кIиабилеб картина

КАРТИ́НКА *ж уменьш. от* **карти́на; кни́жка с ~ми** сураталги ругеб тIехь

КАРТИ́ННЫЙ, -ая, -ое 1) суратазул, суратазда хурхараб; **~ая галере́я** суратазул галерея 2) *перен. (красивый)* сурат гIадаб, берцинаб, гьайбатаб

КАРТО́ГРАФ *м* картограф (*географиялъул картаби рахъулев, гIуцIулев специалист*)

КАРТОГРА́ФИЯ *ж* картография (*географиялъул картаби рахъиялъул гIелму, гьел рахъи*)

КАРТО́Н *м* картон (бицатаб къвакIараб кагьат)

КАРТОНА́ЖИ *мн.* (*ед.* **картона́ж**) картоналъул гьабураб къайи

КАРТОНА́ЖН//ЫЙ, -ая, -ое картонажалъул(аб), картоналъул тIагIелал гьариялда хурхараб; **~ое произво́дство** картоналъул къайи гьаби

КАРТО́НН//ЫЙ, -ая, -ое картоналъул(аб); **~ая коро́бка** картоналъул кIуни

КАРТОТЕ́КА *ж* картотека (*низамалда сокIкIарал карточкаби*); **библиоте́чная ~** библиотекаялъул картотека

КАРТОФЕЛЕКОПА́ТЕЛЬ *м* картошка бахъулеб машина

КАРТОФЕЛЕСАЖА́ЛКА *ж* картошка бекьулеб (чIолеб) машина

КАРТОФЕЛЕУБО́РОЧНЫЙ, -ая, -ое картошка бакIарулеб; **~ комба́йн** картошка бакIарулеб комбайн

КАРТО́ФЕЛИНА *ж разг.* цо картошка

КАРТО́ФЕЛЬ *м* картошка; **жа́реный ~** бежараб картошка

КАРТО́ФЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое картошкадул(аб), картошкаялъул(аб); **~ое пюре́** картошкаялъул пюре (*белъун чухIараб картошка*); **~ая мука́** картошкадул ханжу

КА́РТОЧКА *ж* 1) карточка; **уче́тная ~** учеталъул карточка 2) *разг. (фотографическая)* сурат; **~ до́чери** ясалъул сурат

КА́РТОЧН//ЫЙ, -ая, -ое 1) кагьтазул(аб), кагьтазда хурхараб; **~ая игра́** кагьтал хIай 2) карточкабазул; **~ая систе́ма** карточкабазул низам (*хасал карточкаби кодор гьечIого, къайи-къоно кьунгутIи*) ◊ **~ый до́мик** а) цIакъ жагъалаб рукъ б) (*нереальный расчет и т.п.)* кьучI гьечIел ишал

КАРТО́ШК//А *ж разг.* картошка ◊ **нос ~ой** гIебаб, тIогьисаги бицатаб мегIер, картошка гIадал къалал

КАРТУ́ З *м* картуз (*щомелитIагъур*)

КАРУСЕ́ЛЬ *ж* карусель *(гIадамалги тIад рекIун хченолеб площадка)*

КА́РЦЕР *м* карцер (*цохIо чи тIамулеб туснахърукъ*)

КАРЬЕ́Р[1] *м (аллюр)* ункъида кIанцIи, кутакалда бекери; **пусти́ть ло́шадь ~ом (в ~)** чу ункъида кIанцIизабизе

КАРЬЕ́Р[2] *м горн.* карьер *(пайда бугел магIданал, сали, хIамI, тIурччи рагьараб къагIидаялъ рахъулеб бакI);* **песча́ный ~** салул карьер

КАРЬЕ́Р//А *ж* 1) карьера (*хъулухъ-ишалда жаниб цебетIей, гIадамазда лъалевлъун лъугьин, цIар-рецц щвей*); **блестя́щая ~а** унго-унгояб цебетIей; **сде́лать ~у** хъулухъалъ эхеде вахине 2) карьера (*хъулухъ, хIалтIи*); **выбрать ~у учёного** гIалимчиясул хъулухъ тIаса бищизе

КАРЬЕРИ́ЗМ *м* карьеризм (*хъулухъ-ишалда жаниб тIадегIанлъи бокьи, тIокIворчIун вукIинилан лъугьин*)

КАРЬЕРИ́СТ *м* карьерист

КАРЬЕРИ́СТКА *ж* карьеристка

КАСА́НИ//Е *с*: **то́чка ~я** *мат.* цояб цоялда хъвалеб бакI

КАСА́ТЕЛЬН//АЯ *ж мат.* касательная (*гьетIараб мухъалъулгун цо тIанкIги гIахьалаб, гьеб къотIунги унареб битIараб мухъ*); **провести́ ~ую** касательная цIазе

КАСА́ТКА *ж (ласточка)* милъиршо

КАСА́//ТЬСЯ *несов. кого-чего* 1) (*дотрагиваться)* хъвазе; **~ться земли́ ноги́ми** хIатIал ракьалда хъвазе 2) *перен. (иметь отношение к кому-чему-л.)* ишалдехун гьоркьоблъи букIине; **э́то меня́ не ~ется** гьеб дир иш гуро ◊ **что ~ется меня́ …** дир рахъалъ абуни…

КА́СКА *ж* каска, маххутIагъур (*хъазнитIагъур*); **пожа́рная ~** цIа свинабулесул маххутIагъур

КАСКА́Д *м* 1) (*водопад*) чвахи (*кьурабалъ речIчIарун чвахулеб лъим*) 2) *тех.* каскад (*цоцада хадур ругел цого тайпаялъул рарал бакIал*) 3) *перен.* гIемерлъи **~ слов** ргIабазул гIемерлъи

КАСКАДЁР *м* каскадер (*циркалда, киноялда хIинкъи бугел номерал тIуразарулев чи*)

КА́СС//А *ж в разн. знач.* касса; **железнодоро́жная ~а** маххул нухлул касса; **сберега́тельная ~а** аманат касса; **~а взаимопо́мощи** цоцазе кумек гьабиялъул касса; **набо́рная** (*типографская*) **~а** басмаялъул хIарпал жанир ругеб гъутухъ; **прове́рить ~у** кассаялда бугеб гIарцул къадаралъул хал гьабизе

КАССАЦИО́НН//ЫЙ, -ая, -ое кассациялъул(аб), кассациялда хурхараб; **~ая жа́лоба** кассациялъулаб гIарза

КАССА́ЦИ//Я *ж юр. (обжалование)* кассация (*судалъул хIукму хвезабеян яги хисизабеян хъвараб гIарза*); **пода́ть ~ю** кассация къезе

КАССЕ́ТА *ж* 1) кассета (*фотографиялъул яги киноялъул пленка жаниб лъолеб алат*) 2) кассета (*магнитофоналъул лента жаниб бугеб гъутухъ*)

КАССИ́Р *м* кассир

КАССИ́РША *ж* кассир

КА́ССОВ//ЫЙ, -ая, -ое кассаялъул(аб); **~ая кни́га** кассая-лъул тIехь

КА́СТА *ж* каста (1 *бакъбаккул улкабазда гIагарлъиялдалъун ва ругел ихтияраздалъун цоцазда рухьарал гIадамазул къокъа;* 2 *перен. гIагарлъиялдалъун яги цого махщалидалъул цоцазда рухьарал, хасал мурадалгун халкъалдаса ратIалъун хIалтIулел гIадамал*)

КАСТЕЛЯ́НША *ж* кастелянша (*больницаялда, гостиницаялда, хIухьбахъиялъул рокъоб ретIел, къайи ва гь.ц. жиндихъ букIуней гIадан*)

КАСТЕ́Т *м* кастет (*жанир килщалги ххун, кьабизе гьабураб зарукь кколеб маххул, тIухьидул ва гь.ц. ярагъ*)

КА́СТОВ//ЫЙ, -ая, -ое кастаялъул(аб), кастабазда хурхараб; **~ые разли́чия** кастаялъулал батIалъаби

КАСТО́РКА *ж разг.* касторка (*касторалъул нах*)

КАСТО́РОВ//ЫЙ, -ая, -ое: **~ое ма́сло** касторка (нах) (*чехь лъамалъизе хIалтIизабулеб нах*)

КАСТРА́Т *м* сверарав чи, вахъарав чи, ахта

КАСТРА́ЦИЯ *ж* све́ри; **~ живо́тного** хIайван свери (бахъи, ахта гьаби)

КАСТРИ́РОВАННЫЙ, -ая, -ое бахъараб, сверараб, ахтаяб

КАСТРЮ́ЛЯ *ж* хьаг

КАТАВА́СИЯ *ж разг.* гъалмагъир, рихха-хочи, бада-гъудур

КАТАКО́МБ//Ы *мн.* (*ед.* **~а** *ж*) ракьулъ гьарурал *(халатал мекъи ккезе бегьулел нухалги ругел)* галереял

КАТАЛО́Г *м* каталог (*тIахьал, журналал, музеялъул предметал цо хасаб тартибалда лъун гьабураб сияхI)*

КАТАМАРА́Н *м* катамаран (*кIиго корпусги цо палубаги бугеб гама*)

КАТА́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **ката́ть**) 1) гири 2) бугIи 3) битIабишизаби; **~ во́йлока** буртина бугIи **2.** (*по гл.* **ката́ться**) хъещтIей, гиргизаби, тира-сверизаби; **~ на ло́дке** росода рекIун, тира-сверизави

КАТА́НЬЕ *с*: **не мытьём, так ~м** гьедин бегьичIони, батIайиса гьабила

КАТАПУ́ЛЬТА *ж* катапульта (1 *цебе заманалда хъала бахъизе гьенире ганчIал, нартил къалал ва гь.ц. рехулеб букIараб алат; 2 гамида тIаса самолет боржине хIалтIизабулеб механизм; 3 самолеталда, ракетаялда жаниса хвасарлъизе гIадан къватIиве кьвагьулеб механизм*)

КАТАПУЛЬТИ́РОВАНИЕ *с* катапультаялъ кьвагьи (рехи)

КАТАПУЛЬТИ́РОВАТЬСЯ *сов. и несов.* катапультаялъ рехизе, катапультаялъ кьвагьизе

КАТА́Р *м мед.* катар (*багIаро бецIцIи, кинаб бугониги лагалъул тамахаб хъал гьорой*); **~ желу́дка** кванирукъалъул хъал гьорой

КАТАРА́КТ//А *ж мед*. катаракта (*ясбералда тIад хъал лъугьин*); **снять ~у** хъал нахъе бахъизе

КАТАРА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое катаралияб; **~ое состоя́ние** каталияб хIал (катар сабаблъун лъугьараб хIал)

КАТАСТРО́ФА *ж* нагагьаб балагъ, кIудияб зарал; **железнодоро́жная ~** маххул нухда ккараб балагъ

КАТАСТРОФИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое нагагьаб балагьалъул; **~ слу́чай** нагагьаб балагьалъул лъугьа-бахьин

КАТА́ТЬ *несов.* 1) *кого-что* гиргизабизе; **~ мяч** торгIо гиргизабизе 2) *кого* сверизабизе, тира-сверизабизе; **~ дете́й на са́нках** чанагъазда лъимал тира-сверизаризе (хъещтIезаризе) 3) *что (раскатывать)* гирун тIерен гьабизе; **~ те́сто** хамур гирун терен гьабизе 4) *что (валять)* бугIизе; **~ во́йлок** буртина бугIизе

КАТА́ТЬСЯ *несов.* 1) *на чем* рекIун тира-сверизе; **~ на ло́дке** росода рекIун, тира-сверизе 2) *разг. (валя́ться*) гиргидизе; **~ по траве́** харда гиргидизе ◊ **~ со́ смеху** тату хвезегIан, гIодов ккезегIан велъанхъизе; **~ как сыр в ма́сле** нахулъ хIан гIадин, вукIине (*кIудияб бечелъиялда, ресалда вукIине*)

КАТЕГОРИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое 1) кьварараб; **~ отве́т** кьварараб жаваб 2) инкар гьабулареб, нахъчIвай гьечIеб; **~ прика́з** инкар гьабулареб буюрухъ

КАТЕГОРИ́ЧНЫЙ, -ая, -ое *см.* **категори́ческий** 2)

КАТЕГО́РИЯ *ж* категория; **граммати́ческая ~** грамматикаялъулаб категория

КА́ТЕР *м* катер *(моторалъ, раххназ бачунеб кIудияб гьечIеб гама, раса)*

КА́ТЕТ *м мат.* катет

КАТИ́ТЬ *несов.* 1) *кого-что* гирун бачине; **~ бо́чку** чирма гирун бачине 2) *разг. (быстро ехать)* хехго ине, дурун ине; **~ в автомоби́ле** автомобилалда хехго (дурун) ине

КАТИ́//ТЬСЯ *несов.* 1) (*двигаться, вращаясь*) гирун ине; **бо́чка ~тся** чирма гирун унеб буго 2) (*о транспорте*) ине; **автомоби́ль ~тся по доро́ге** автомобиль нухдасан унеб буго 3) (*на санках, лыжах, коньках*) хъещтIезе; **~ться на са́нках с горы́** магIардаса гъоркье чанагъазда хъещтIезе 4) (*течь, капать*) чвахизе, тIенкIезе; **по щека́м ~лись слёзы** кIаркьабаздаса гъоркье магIил гарал гирулел рукIана

КАТО́Д *м физ.* катод

КАТО́К *м* 1) хъещтIеро 2) герело 3) михир

КАТО́ЛИК *м* католик (*католик дин гьабулев чи*)

КАТОЛИЦИ́ЗМ *м* католицизм (*Рималъул папаяс бетIерлъи гьабулеб къагIидаялда гIуцIараб христианазул дин*)

КАТОЛИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое католиказул; **~ свяще́нник** католиказул кашиш

КАТОЛИ́ЧКА *ж* католик дин гьабулей гIадан

КА́ТОРГ//А *ж* каторга (*туснахъалде ккарал яги цойги тамихIалде цIарал гIадамазда захIматал шартIазда хIалица гьаризарулел цIакъго бакIал хIалтIаби*); **отпра́вить на ~у** каторгаялде витIизе 2) *перен. (тяжелый труд)* захIматаб бетIербахъи (хIалтIи)

КАТОРЖА́НИН *м* каторгаялда вукIарав яги вугев чи

КАТОРЖА́НКА *ж* каторгаялда йикIарай гIадан

КА́ТОРЖНИК *м* каторгаялда вугев яги вукIарав чи

КА́ТОРЖНИЦА *ж* каторгаялда йикIарай яги йигей гIадан

КА́ТОРЖН//ЫЙ, -ая, -ое 1) каторгаялъул; **~ые рабо́ты** каторгаялъул хIалтIаби 2) *перен.* цIакъ захIматаб, бакIаб; **~ый труд** цIакъ захIматаб хIалтIи

КАТУ́ШКА *ж* 1) чарх; **~ ни́ток** кунал чарх

КАУЧУ́К *м* каучук (*резина гьабизе хIалтIизабулеб хасал хурдузул бахъулеб пицI гIадаб жо*); **натура́льный ~** тIабигIияб каучук

КАУЧУ́ КОВ//ЫЙ, -ая, -ое каучукалъул(аб), каучукалда хурхараб; **~ый завóд** каучук гьабулеб завод; **~ая подóшва** каучукалъул тIикъва

КАУЧУКОНÓСЫ *мн.* (*ед.* **каучуконóс** *м*) каучук гьорлъ бугеб гъветI-хер

КАФÉ *с нескл.* кафе

КÁФЕДР//А *ж* 1) кафедра (*лекция цIалулев чи тIаде вахине дагьаб борхатго гьабураб бакI)* 2) кафедра (*тIадегIанал цIалул заведениябазда цо хасал предметал кьолел преподавательзабазул цолъи*); **заседáние ~ы** кафедраялъул заседание

КÁФЕЛЬ *м* кафель (цо *рахъалдаса цIвакизе гьабураб печазда ва къадазда кколеб бежараб хIамIул къоно*)

КÁФЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое кафелалъул(аб), кафелалда хурхараб; **~ые стéны** кафель ккурал къадал

КАФЕТЕ́РИЙ *м* кафетерий (*кафеялъул цо тайпа*)

КАФТÁН *м* кафтан (*гIурусазул некIсияб халатаб бихьиназул ретIел*)

КАХЕТИ́НЕЦ *м* кахетияв

КАХЕТИ́НКА *ж* кахетияй

КАХЕТИ́НСКИЙ, -ая, -ое кахетиязул

КАХЕТИ́НЦЫ *мн.* кахетиял

КАЧÁЛКА *ж* 1) хьвагIолеб тахбакI 2) гьанкIеро 3) *спорт.* тIадагьаб чолгьоко

КАЧÁ//ТЬ *несов.* 1) *кого-что* кIибикIизе; тартадизабизе; **~ть колыбéль** кини кIибикIизе; **~ет от устáлости** свакаялъ тартадулев вуго 2) *чем* хьвагIезабизе, гьанкIезабизе; **~ть головóй** бетIер хьвагIезабизе; **~ть ногóй** хIетIе гьанкIезабизе 3) *кого (восторженно подбрасывать)* эхе-эхеде рехизе 4) *что, чем (нагнетать)* кьабизе; **~ть вóду насóсом** насосалъ лъим кьабизе

КАЧÁ//ТЬСЯ *несов.* хьвагIезе, тартадизе; **лóдка ~ется на волнáх** раса карачалабазда тIад хьвагIолеб буго; **он шёл, ~ясь из стóроны в стóрону** гъов тартадулаго унев вукIана 2) (*о зубе*) багъаризе; **у меня́ зуб ~ется** дир гIус багъарун буго

КАЧЕ́Л//И *мн.* гьулак; **дéти качáлись на ~ях** лъимал гьулакалда гьелчолел рукIана

КÁЧЕСТВЕНН//ЫЙ, -ая, -ое 1) качествоялъул(аб), качествоялда хурхараб; **~ые изменéния** качествоялъулал хиса-басиял; **~ый анáлиз** качествоялъулаб анализ 2) лъикIаб; **~ые продýкты питáния** лъикIал кванил нигIматал ◊ **~ое прилагáтельное** *грам.* качествоялъулаб прилагательное

КÁЧЕСТВ//О *с* 1) *филос.* качество; **перехóд колúчества в ~о** къадар качествоялде свери 2) лъикIлъи; хасият; **ткáни высóкого ~а** цIакъ лъикIал ххамал; **знак ~а** лъикIлъиялъул гIаламат ◊ **в ~е** *кого-чего-л.* хIисабалда; **нéкоторые нарéчия испóльзуются тáкже в ~е предлóгов** цо-цо наречиял предлогал хIисабалдаги хIалтIизарула

КÁЧК//А *ж* карачалахин, чIучIадизаби, хьвагIезаби, багъари (ралъад); **он не перенóсит ~и** гъосие ралъад багъари хIехьезе захIмалъула

КАЧУ́ (СЬ), кáтишь(ся) *и т.д. наст. от* **кати́ ть(ся)**

КÁШ//А *ж* 1) карщ, хIичи 2) *перен. (полужидкая масса)* лулан араб хIарщ; лъинча 3) *перен. (путаница)* хIапу-чапур; **у негó в голове́ ~а** гъосул ботIролъ хIапу-чапур буго ◊ **с ним ~и не свáришь** гьевгун хIалтIун бажариларо; **завари́ ть ~у** хадур гъолареб иш гьабизе, лазат бахъараб иш багъаризе; **у негó сапоги́ ~и прóсят** гъосул чакмаби цереса тIун (рагьун) руго

КАШАЛÓТ *м зоол.* кашалот (*цаби ругел китазул цо тайпа*)

КАШЕВÁР *м* квен гьабулев чи, кашавур, богогьан

КÁШЕЛЬ *м* хIалцен, хъегIи; **сухóй ~** бакъвараб хIалцен (*тулеб жо гьечIеб*)

КАШЕМИ́Р *м* кашемир (*квасул яги бащдаб квасул бицатаб ххам*)

КАШЕМИ́РОВЫЙ, -ая, -ое кашемиралъул гьабураб

КАШИ́ЦА *ж разг.* лъамияб карщ, хIичи

КАШЛЯНУ́ТЬ *однокр. к* **кáшлять**

КÁШЛЯТЬ *несов.* хъегIдизе, хIалцазе

КАШНЕ́ *с нескл.* кашне (*габуралда жемулеб жо, шарф*)

КАШТÁН *м (дерево, плод)* шагьбулут (*чинаридул тайпаялъул гъутIбузул цояб; гьеб гъветIалъул пихъ*)

КАШТÁНОВ//ЫЙ, -ая, -ое 1) шагьбулуталъул(аб), шагьбулуталда хурхараб 2) (*о цвете*) шагьбулуталъул кьералъул; **~ые вóлосы** шагьбулуталъул кьералъул рас

КАЮ́ ТА *ж* каюта (*гамида гьитIинаб рукъ*)

КАЮ́ Т–КОМПÁНИЯ *ж* кают–компания (*гамида рекIаразе кваназе ва хIухьбахъиялъе гIахьалаб рукъ; рагъул гамида – командирзабазе*)

КÁЯТЬСЯ *несов.* 1) (*сожалеть*) ракI бухIизе 2) *в чем (признавтаься)* мукIурлъизе (*гIайибалъе, гъалатIалъе*) 3) *церк. (признаваться в своих грехах)* тавбу гьабизе

КВАДРÁТ *м* 1) квадрат (*киналго рахъал ращадаб ункъбокIон*) 2) *мат.* квадрат (*тарих жибго жиндилъго кьабун, ккараб хIасил*); **возвести́ в ~** квадраталде борхизабизе

КВАДРÁТН//ЫЙ, -ая, -ое 1) киналго рахъал ращадаб; **~ый стол** киналго рахъал ращадаб стол; **~ые скóбки** ункъбокIонал скобкаби 2) *мат.* квадраталъул(аб), квадратияб; **~ый кóрень** квадраталъулаб кьибил (корень);**~ый метр** квадратияб метр

КВÁКАНЬЕ *с* къуркъуди, ахIдей

КВÁКА//ТЬ *несов.* къуркъудизе, ахIдезе; **лягýшки ~ют** къуркъби къуркъудулел руго, къуркъбуз къуркъур бачунеб буго

КВАЛИФИКАЦИÓНН//ЫЙ, -ая, -ое квалификациялъулаб; **~ая комúссия** квалификациялъулаб комиссия

КВАЛИФИКÁЦИ//Я *ж* махшел, гьунар, устарлъи, квалификация; **повышéние ~и** махшел борхизаби; **вы́сшая ~я** тIадегIанаб махшел

КВАЛИФИЦИ́РОВАННЫЙ, -ая, -ое махшел цIикIкIараб, гьунар бугеб, хIалбихьи бугеб; **~ рабóчий** махшел бугев хIалтIухъан

КВАЛИФИЦИ́РОВАТЬ *сов. и несов. кого-что* 1) (*оценивать, определять*) къимат кьезе, цIар лъезе; **как ~ такóе поведéние?** гьадинаб хьвада-чIвадиялъе щиб къимат кьелеб? 2) (*установить степень подготовленности*) кинаб къадаралъул махшел бугебали лъазабизе

КВАНТ *м физ.* квант (*физикаялда: энергиялъул бищун дагьаб къадар*)

КВÁНТОВ//ЫЙ, -ая, -ое *физ.* кванталъул(аб); **~ая механúка** кванталъулаб механика; **~ая электрóника** кванталъулаб электроника

КВÁРТА *м* 1) *муз.* кварта 2) кварта (*цо-цо улкабазда лъамалъиялъул ва тIорщелалъул литраялдаса цодагьаб цIикIкIараб роцен*)

КВÁРТАЛ *м* 1) квартал (*цоцаз къотIулел кьватIазда гьоркьоб бугеб шагьаралъул бутIа, авал*) 2) (*четверть года*) квартал (*лъагIалил ункъо бутIа гьабун, цо бутIа, лъабго моцI)*

КВАРТÁЛЬНЫЙ, -ая, -ое кварталалъул(аб), кварталалда хурхараб; **~ план** кварталалъул план

КВАРТÉТ *м муз.* квартет (1 *ункъо чияс бачине хъвараб музыкалияб пьеса; 2 ункъоясдасан гIуцIараб ансамбль*)

КВАРТИ́РА *ж* квартира (*гIадамал чIолеб рукъ*); **~ из трёх кóмнат** лъабго рукъ бугеб квартира

КВАРТИРÁНТ *м разг.* квартирант (*мухьдахъ рукъ ккурав чи*)

КВАРТИРÁНТКА *ж разг.* квартирантка (*мухьдахъ рукъ ккурай чIужугIадан*)

КВАРТИ́РН//ЫЙ, -ая, -ое квартираялъул(аб), квартираялда хурхараб; **~ая плáта** квартираялъухъ мухь

КВАРТИРОВÁТЬ *несов.* 1) *кибниги* квартираялъуб гIумру гьабизе 2) аскар цо бакI ккун чIезе

КВАРТИРОСЪЁМЩИК *м* квартира ккурав чи

КВАРТПЛÁТА *ж* ккураб рукъалъухъ кьолеб мухь

КВАРЦ *м* кварц (*мачIугамачIалъул цояб*)

КВÁРЦЕВ//ЫЙ, -ая, -ое кварцалъул; **~ая лáмпа** кварцалъул чирахъ

КВАС *м* квас, кьвахаражо

КВÁСИТЬ *несов. что* 1) цIекIлъизабизе, бетизабизе *(рахь)* 2) беччизабизе *(хамур)* 3) кьвахинабизе

КВАСЦЫ́ *мн.* цIоросарикIкI

КВАШЁНИЕ *с* (*по гл.* **квáсить**) 1) кьвахинаби 2) цIекIлъизаби, бетизаби 3) беччизаби

КВÁШЕНЫЙ, -ая, -ое цIекIлъизабураб, беччизабураб

КВАШНЯ́ *ж* беччизе буцараб ролъ лъолеб цIарагI

КВЁРХУ *нареч.* эхеде, тIаде, гьоркьа тIаде, тIадехун; **подпры́гнуть ~** эхеде кIанцIизе; **перевернýть ~** тIадехун сверизабизе

КВИНТЕ́Т *м муз.* квинтет (1 *щуго чияс цадахъ ахIулеб яги щуго музыкалияб алатальул кумекалдальун бачунеб асар; 2 щуго чиясдасан гIуцIараб музыкалияб ансамбль*)

КВИНТЭССЕ́НЦИЯ *ж* квинтэссенция (*сундулниги аслу, кьучI)*

КВИТА́НЦИЯ *ж* квитанция

КВИ́ ТЫ : мы с ва́ми ~ дунги мунги ращалъана

КВО́РУМ *м* кворум (*данделъи хIакъикъияблъун рикIкIине ккани, гIахьалчагIазул букIине кколеб гIодобегIанисеб къадар*)

КВОХТА́ТЬ *несов.* къвакъвадизе

КЕГЛЬ *м полигр.* кегль (*типографиялъулаб хIарпалъул роцен*)

КЕДР *м* кедр (*накIкIигъотIол цо тайпа*); **лива́нский** ~ Ливаналъул кедр

КЕДРО́В//ЫЙ, -ая, -ое кедралъул; **~ые оре́хи** кедралъул цIулакьо

КЕ́ДЫ *мн. спорт.* кедаби

КЕКС *м* кекс (*кишмиш жубан бежараб булка, чед*)

КЕ́ЛЬЯ *ж* хIужра (*монастыралда цо чи жанив вукIунеб гьитIинаб рукъ*)

КЕМ *мест. тв. п. от* **кто; ~ он рабо́тает?** гъов щивлъун хIалтIулев вугев? **~ он бу́дет по́сле оконча́ния учёбы?** цIали лъугIигун, гъосул щив вахъине вугев?

КЕ́МПИНГ *м* кемпинг (*машинабазда рекIун тира-сверулел чагIи чIолеб бакI)*

КЕНА́Ф *м бот.* кенаф (*тIаса бахъараб хъалалъул ххам гьабулеб габанидул цо тайпа*)

КЕНГУРУ́ *м зоол. нескл.* кенгуру (*Австралиялда букIунеб халатал боздузул, чехьалда тIинчI лъезе таргьа гIадаб жаниблъиги бугеб хIайван*)

КЕНДЫ́ РЬ *м бот.* кендырь (*жиндаса бахъараб хъал кварал гьаризе хIалтIизабулеб цосонилаб хер*)

КЕ́ПКА *ж* кепка, щомелитIагъур

КЕРА́МИКА *ж* 1) *собир. (изделия)* бежараб хIатIул тIагIалаби 2) (*гончарное производство*) щагIил тIагIалаби гьари

КЕРАМИ́ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое щагIил гьабураб, щегI гьабиялда хурхараб; **~ий цех** щегI гьабулеб цех; **~ие пли́тки** щагIил къанал

КЕРОГА́З *м* керогаз, нартипечь (*билтаби гьечIеб*)

КЕРОСИ́Н *м* нарт

КЕРОСИ́НКА *ж* керосинка, нартипечь (*билтаби ругеб*)

КЕРОСИ́ННЫЙ, -ая, -ое нартил; ~ **за́пах** нартил махI

КЕРОСИ́НОВ//ЫЙ, -ая, -ое 1) нартил 2) нартил гьабураб 3) нартица хIалтIулеб; **~ая ла́мпа** нартичирахъ

КЕ́САРЕВ: ~о сече́ние *мед.* тIончIорукъ сун, лъимер къватIибе бахъи

КЕССО́Н *м* кессон (*лъеда гъоркь хIалтIиялъе къвариГунеб жанибе лъим бачIунареб камера*)

КЕССО́ННЫЙ, -ая, -ое кессоналъул, кессоналда хурхараб; **~ые рабо́ты** кессоналъул кумекалдальул гьарулел хIалтIаби ◊ **~ая боле́знь** *мед.* кессоналъул унти (*лъел яги гьаваялъул цIикIкIараб тIадецуй бугеб бакIалдаса дагьаб бугеб бакIалде хехго ккеялдальун лъугьунеб унти*)

КЕ́ТА *ж* кета *(ччугIа)*

КЕ́ТОВ//ЫЙ, -ая, -ое кетаялъул(аб); **~ая икра́** кетаялъул икра

КЕФИ́Р *м* кефир, бетарахь

КИБЕРНЕ́ТИКА *ж* кибернетика (*хасал гIуцIабазда-машинабазда, рухIчIаголъабазда, обществоялда жаниб хIалтIул иналъул гIаммал хаслъабазул хIакъалъулъ гIелму*)

КИБЕРНЕТИ́ ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое кибернетикаялъул(аб); **~ие маши́ ны** кибернетикаялъул машинаби

КИБИ́ ТКА *ж* 1) (*повозка*) бацараб гьоко 2) (*жилище*) чадир (*гочарулел халкъазул добе-гьанибе цадахъ босулеб рукъ*)

КИВА́ТЬ *несов.* 1) *чем (в знак приветствия, согласия)* бетIер хьвагIизе, гьанкIизе 2) *на кого-что (указывать)* чияда базабизе

КИВНУ́ ТЬ *однокр. к* **кива́ть**

КИВО́К *м* бетIер гьанкIи

КИДА́ТЬ *несов. см.* **ки́ нуть** ◊ **де́ньги на ве́тер** гIадада, пикру гьабичIого гIарац хвезабизе, гIарац гьородахъ биччазе

КИДА́//ТЬСЯ *несов.* 1) *см.* **ки́ нуться; соба́ка ~ется на прохо́жих** гьой къотIносан унезде бортанхъулеб буго 2) *чем* рех-тIезе, речIчIаризе, речIчIизе; ~ **камня́ми** рехтIезе, речIчIаризе, ганчIал речIчIизе

КИЗИ́ Л *м (кустарник, плод*) жулан (жулам)

КИЗИ́ ЛОВ//ЫЙ, -ая, -ое жуламул(аб); **~ое варе́нье** жуламул мурапа

КИЗЯ́ К *м* тIинцIи

КИЙ *м* кий (*бильярдал хIалеб тIил*)

КИЛО́ *с нескл. разг.* кило; ~ **хле́ба** чадил кило

КИЛО́- *с* «азарго», *абураб магIна жиделъ бугел журарал рагIабазул тIоцебесеб бутIа* (*масала: километр, килограмм*)

КИЛОВА́ТТ *м физ.* киловатт (*1000 ватт*)

КИЛОГРА́ММ *м* килограмм

КИЛОГРАММО́В//ЫЙ, -ая, -ое килограмм цIайи бугеб; **~ая ги́ ря** килограмм цIайи бугеб гиря

КИЛОМЕ́ТР *м* километр

КИЛОМЕТРА́Ж *м* километраж (*километраздалъун борцун, сундулниги халалъи*)

КИЛОМЕТРО́В//ЫЙ, -ая, -ое километр халалъи бугеб; **~ое расстоя́ ние** километр халалъи бугеб манзил

КИЛЬ *м мор.* киль (*гамил халалъухъе тIинуялъул бакьулъан лъураб чIалу*)

КИЛЬВА́ТЕР *м мор.* кильватер (*унеб гамида хадуб лъадал мухъ*)

КИ́ ЛЬКА *ж* килька (*ччугIа*)

КИНЕМА́ТИКА *ж* кинематика (*теориялъулаб механикаялъул бутIа*)

КИНЕМАТО́ГРАФ *м уст.* кинематограф

КИНЕМАТОГРАФИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое кинематографа-лъул(аб)

КИНЕМАТОГРА́ФИЯ *ж* кинематография (*кино бихьизаби ва гьеб бахъулеб промышленность*)

КИНЕСКО́П *м* кинескоп (*электроналъул чIораздалъун хIалтIулеб телевизоралъул бутIа*)

КИНЕ́ТИКА *ж* кинетика (*статикаги динамикаги гьорлъе бачунеб механикаялъул бутIа*)

КИНЕТИ́ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое кинетикияб; **~ая эне́ргия** кинетикияб энергия

КИНЖА́Л *м* ханжар

КИНЖА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое хонжрол, ханжаралъул; **~ая ра́на** хонжрол ругъун

КИНО́ *с нескл.* кино

КИНО- «кино» *абураб рагIул магIнаялда хурхарал рагIабазул тIоцебесеб бутIа, масала*: **кинокоме́дия** кинокомедия

КИНОАКТЁР *м* киноактер

КИНОАКТРИ́ СА *ж* киноактриса

КИНОАППАРА́Т *м* киноаппарат

КИНОАРТИ́ СТ *м* киноартист

КИНОАРТИ́ СТКА *ж* киноартистка

КИНОБИ́ЗНЕС, -а; *м* кинобизнес (*киноматографалда хурхараб коммерциялъулаб х1алт1и*); **занима́ться ~ом** кинобизнес гьабизе

КИНОЖУРНА́Л *м* киножурнал

КИНОЗВЕЗДА́ *ж* цIар рагIарай киноартистка

КИНОИСКУ́ ССТВО *с* киноискусство (*кино бихьизабиялъул, бахъиялъул устарлъи*)

КИНОКАРТИ́ НА *ж* кинокартина

КИНОЛЕ́НТА *ж* киноленто (*киноялъул цо экземпляр; кинофильм*)

КИНОЛЮБИ́ ТЕЛЬ *м* кино бокьулев чи

КИНОМЕХА́НИК *м* киномеханик (*кино гьабулев* (*бихьизабулев) чи*)

КИНООПЕРА́ТОР *м* кинооператор (*кино бахъиялъул махщелчи*)

КИНОПАНОРА́МА *ж* кинопанорама (1 *экран гIатIидаб кино бихьизабулеб кинотеатр; 2 гIемерал лъугьа-бахъинал жанире рачараб кино*)

КИНОПЕРЕДВИ́ЖКА *ж* кинопередвижка (*добе-гьанибе босун, кино бихьизабулеб аппарат*)

КИНОПЛЁНКА *ж* киноплёнка

КИНОРЕЖИССЁР *м* фильм лъолев чи

КИНОСЕА́НС *м* киносеанс (*кино бихьизабизе кьураб заман*; *кино бихьизаби*)

КИНОСТУ́ ДИЯ *ж* киностудия (*кино бахъулеб предприятие*)

КИНОСЪЁМКА *ж* кино бахъи

КИНОСЪЁМОЧНЫЙ, -ая, -ое кино бахъулеб, кино бахъиялда хурхараб

КИНОТЕА́ТР *м* кинотеатр

КИНОФЕСТИВА́ЛЬ *м* кинофестиваль (*цо темаялъул кинаби рихьизари; бищун лъикIал кинаби рихьизари*)

КИНОФИ́ ЛЬМ *м* кинофильм

КИНОФИЦИ́ РОВАТЬ *сов. и несов. что* 1) кинотеатрал разе 2) кино бихьизабулел алатал лъезе

КИНОХРО́НИКА *ж* кинохроника (*гьанжесеб жамгIияб гIумруялда хурхараб кинофильм яги киножурнал*)

КИ́ НУТЬ *сов. кого-что* 1) рехизе 2) (*оставить)* рехун тезе ◊ **куда́ ни кинь гла́зом** кибе бер реханиги; ~ **жре́бий** можоро рехизе

КИ́ НУТЬСЯ *сов.* 1) кIанцIизе, тIаса гъоркье вортизе 2) къабукъун тIаде кIанцIизе 3) хехго цо рахъалде векеризе 4) хурхине; ~ **на ше́ю** *кому-л. лъилниги* горбода хурхине

КИО́СК *м* киоск; **газе́тный** ~ газетал ричулеб киоск

КИОСКЁР *м* киоскёр (*киоскалда хIалтIулев чи*)

КИ́ ПА *ж* мачIу, си; ~ **книг** тIахьазул си 2) (*упаковочная мера*) кипа, танг, тай; ~ **мате́рии** ххамил туп

КИПАРИ́С *м* (*югалда бижулеб кидаго гIурччинаб накIкIигъотIол цо тайпа*)

КИПЕ́НИ//Е *с* (*по гл.* **кипе́ть**) гьали, гьалдей; **то́чка ~я** *физ. щибниги* гьализе байбихьулеб мех, гIуж; **довести́ до то́чки ~я** а) гьалиялде ккезабизе, гьалулеб гIужалде бахинабизе б) (*разозлить*) щцин бахъинаби, щцин гьалаглъи

КИП//Е́ТЬ *несов.* 1) (*о жидкости*) гьалдезе 2) *перен.* хIалуцине, щцидахине; **~еть гне́вом** щцин гьалаглъизе; **рабо́та ~и́т** хIалтIи хIалуцун буго, тIад бан унеб буго

КИПУ́ Ч//ИЙ, -ая, -ое 1) гьалдолеб, беролеб; **~ий пото́к** беролеб их 2) *перен.* жигараб, хIалуцараб, гIедегIараб; **~ая де́ятельность** жигараб хIалтIи

КИПЯТИ́ ЛЬНИК *м* кипятильник (*лъим гьализабулеб алат*)

КИПЯТИ́ТЬ *несов. что* гьалдезабизе; ~ **молоко́** рахь гьалдезабизе; ~ **бельё** бусадул къайи, гъоркьанретIел гьализабизе

КИПЯТИ́Т//ЬСЯ *несов.* 1) гьализегIан бухIизабизе; **бельё ~ся** гъоркьанретIел гьализегIан бухIизабулеб буго 2) *перен. разг. (горячи́ться)* щцидахине, хехдаризе

КИПЯТ//О́К *м* гьалараб лъим; **обда́ть я́йца ~ко́м** ханазда тIаде гьалараб лъим тIезе

КИПЯЧЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **кипяти́ ть**) гьалдезаби, гьализаби

КИПЯЧЁН//ЫЙ, -ая, -ое гьализабураб, гьалдезабураб; **~ая вода́** гьализабураб лъим

КИРГИ́ З гъиргъизав

КИРГИ́ ЗКА *ж* гъиргъизай

КИРГИ́ЗСКИЙ, -ая, -ое гъиргъизазул; ~ **язы́ к** гъиргъиз мацI

КИРГИ́ЗЫ *мн.* гъиргъизал

КИ́РЗА *ж* кирза (*хьитал ва цогидабги къайи гьабизе лакайдул бакIалда хIалтIизабулеб гъункараб бицатаб ххам*)

КИ́ РЗОВ//ЫЙ, -ая, -ое: **~ые сапоги́** кирзаялъул чакмаби

КИРКА́ *ж* газа, ччоборигаза

КИРПИ́ Ч *м* кирпич

КИРПИ́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое 1) кирпичалъул(аб); **~ый заво́д** кирпич гьабулеб завод; **~ая стена́** кирпичалъул къед 2) (*о цвете*) кирпичалъул кьераб

КИСЕ́ЙНЫЙ, -ая, -ое 1) кисеялъул гьабураб 2) *перен. (легкий как кисея)* цIакъго тIадагьаб

КИСЕ́Л//Ь *м* кисель (*рахьдаде яги пихъил лъималде тIаде картошкадул ханжу бан гьабураб кваналеб нигIмат*); **моло́чный ~ь** рахьдал кисель ◊ **седьма́я вода́ на ~е** *погов.* цIакъ рикIкIадаб гIагарлъи

КИСЕ́Т *м* кисет (*гьитIинаб киса, кIал харцIунеб таргьа*)

КИСЕЯ́ *ж* кисея (*тIеренаб гъорлъан канлъи бихьулеб ххам*)

КИСЛИ́ НК//А *ж*: **с ~ой** *разг.* цIекIмахIаб, цIекIаб

КИСЛОРО́Д *м* кислород (*хим. элемент, газ*)

КИСЛОРО́ДН//ЫЙ, -ая, -ое кислородалъул(аб); **~ая поду́шка** *мед.* кислородалъул къандалъо (кислородалъул цIураб къандалъо)

КИ́ СЛО-СЛА́ДКИЙ, -ая, -ое цIекIгьуинаб

КИСЛОТА́ *ж* 1) (*свойство*) цIекIлъи 2) *хим.* кислота

КИСЛО́ТНОСТЬ *ж* кислота гъорлъ букIин, *гьелъул* даража

КИ́СЛ//ЫЙ, -ая, -ое 1) цIекIаб; **~ое я́ блоко** цIекIаб гIеч 2) (*закисший, прокисший*) беччудаса араб; **~ое те́сто** беччудаса араб хамур, речче; 3) *перен. разг. (недовольный, унылый*) чIамучIаб, нур свараб, рази гьечIеб; **~ое выраже́ние лица́** рази гьечIеб гьумер; **сде́лать ~ую ми́ну** чIамучIаб (рази гьечIеб) сипат гьумералъе кьезе; **~ые щи** цIекIаб капустаялъул гьабураб щи; **~ое молоко́** цIекIаб рахь

КИ́ СНУТЬ *несов.* 1) цIекIлъизе 2) *перен. разг. (о человеке)* чIамучIго (тIатIала квералги лъун), зигардулаго заман инабизе

КИСТА́ *ж мед.* киста (*жаниб лъим ккараб гьор, пул*)

КИ́ СТОЧКА *ж уменьш. от* **кисть** 2, 3, 4

КИСТЬ *ж* 1) (*часть руки*) квер 2) (*гроздь*) хьоп 3) (*украшение*) симис, гIертел; **шаль с кистя́ми** симис бараб шал 4) (*малярная*) щетка (*лажбар бахунеб щетка*)

КИТ *м зоол.* кит

КИТА́ЕЦ *м* китаяв

КИТАЙСКИЙ, -ая, -ое китаялъул(аб), китаязул(аб); ~ **язы́ к** китай мацI

КИТА́ЙЦЫ *мн.* китаял

КИТАЯ́ НКА *ж* китаяй

КИ́ ТЕЛЬ *м* китель

КИТОБО́Й *м* китазде чан гьабулев чи

КИТОБО́ЙН//ЫЙ, -ая, -ое китал кколеб, китазде чан гьабулеб; **~ое су́дно** китал кколеб гама

КИТО́ВЫЙ, -ая, -ое киталъул; ~ **жир** киталъул нах

КИЧИ́ТЬСЯ *несов. кем-чем* чIухIаризе, кIичIардизе, пахрулъизе; ~ **пе́ред друзья́ ми** гьудулзабазда цеве кIичIардизе

КИЧЛИ́ВОСТЬ *ж* чIухIдари, кIичIарди, пахрулъи, гIамал кIодолъи

КИЧЛИ́ ВЫЙ, -ая, -ое чIухIарав, пахруяв, гIамал кIудияв

КИШ//Е́ТЬ *несов.* женкIезе; **муравьи́ ~а́т в муравье́йнике** цIунцIраби гохIалда жанир женкIолел руго 2) *кем-чем* кьабун цIезе; **у́лицы ~а́т наро́дом** кьватIал гIадамазул кьабун цIун руго

КИШЕ́ЧНИК *м* бакьал (*хъватагун цадахъ*)

КИШЕ́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое бакьазул(аб), бакьалъул(аб); **~ые заболева́ния** бакьазул унтаби

КИШКА́ *ж анат.* бакь; **прямáя** ~ бицатаб бакь, хъвата 2) *разг. (шланг)* мащу; **пожáрная** ~ пожарниказул мащу ◊ **у него́ ~ тонка́** гъосул гьелъие къуват гIеларо

КИШЛА́К *м* кишлак (*Узбекистаналда, Таджикистаналда - росу*)

КИШМИ́ Ш *м* кишмиш

КИШМЯ́ *нареч.*: ~ **киш**е́**ть** гьунун ине, бугIун цIезе

КЛАВИАТУ́РА *ж* клавиатура; ~ **пи́шущей маши́нки** хъвадарулеб машинкаялъул клавиатура; ~ **роя́ля** роялалъул клавиатура

КЛА́ВИШ *м,* **~а** *ж* клавиш

КЛАД *м прям., перен.* хазина; **найти́** ~ хазина батизе; **он не рабо́тник, а настоя́щий** ~ гьев хIалтIухъан гуро, унго-унгояв хазина вуго

КЛА́ДБИЩЕ *ср.* ха́бал, хабзал

КЛА́ДКА *ж* 1) (*по гл.* **класть**) лъей; ~ **фунда́мента** кьучI лъей 2) (*то, что сложено из камней и кирпичей*) къед ◊ ~ **яи́ц** ханал лъей

КЛАДОВА́Я *ж* нахъарукъ *(кванил нигIмат, къайи…лъолеб)*

КЛАДОВЩИ́ К *м* кладовщик (*складалъул хIалтIухъан*)

КЛАДОВЩИ́ ЦА *ж* кладовщица

КЛАДЬ *ж собир.* къайи, юк

КЛА́НЯТЬСЯ *несов.* 1) *кому, с кем (приветствовать)* салам кьезе, икрам гьабизе, бетIер гьанкIизабизе (*хIурмат гьабун*) 2) *кому (передавать привет*) салам бицине 3) *кому, перед кем перен. (униженно просить о чем-л.*) гьардезе

КЛА́ПАН *м тех.* клапан

КЛАРНЕ́Т *м муз.* кларнет (*зурмил цо тайпа*)

КЛАСС *м в разн. знач.* класс, даража; **рабо́чий ~** хIалтIу-хъабазул класс; **учени́к пе́рвого ~а** тIоцебесеб классалъул цIалдохъан; **пило́т вы́сшего ~а** тIадегIанаб даражаялъул воржару-хъан

КЛА́ССИК *м* классик (*гIелмуялда, маданиятalда, адабиятalда жанив машгъурав, мисаллъун кколев чи*); **~ дагеста́нской литерату́ры** Дагъистаналъул адабияталъул классик

КЛА́ССИКА *ж* машгъурал хIалтIаби (асарал); **ру́сская о́перная ~** гIурус операялъул машгъурал хIалтIаби

КЛАССИФИКА́ЦИЯ *ж* (*по гл.* **классифици́ровать**) классификация гьаби (*цоцада релълъарал предметал яги магIнаби ратIа-ратIаго лъеялъул къагIида*)

КЛАССИФИЦИ́РОВАТЬ *сов. и несов. кого-что* классификация гьабизе

КЛАССИЦИ́ЗМ *м* классицизм (17 *абилеб гIасруялдаса 19 абилелъул авалалде щвезегIан адабиятalда ва маданиятalда жаниб букIараб, румазулги греказулги маданиятги адабиятги бищунго щвалде щвараб букIанилан рикIкIунеб чвахи*)

КЛАССИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое классикияб; **~ая му́зыка** классикияб музыка **~ие языки́** классикиял мацIал (*некIсиял румазул ва греказул мацIал*)

КЛА́ССН//ЫЙ, -ая, -ое классалъул(аб), классалда хурхараб; **~ая ко́мната** классалъул рукъ, класс

КЛА́ССОВ//ЫЙ, -ая, -ое классияб; **~ая борьба́** классияб къеркьей

КЛА́СТЬ *несов.* 1) *кого-что* лъезе; **~ плато́к в карма́н** чвантиниб квербацIцI лъезе 2) *что (накладывать)* бахине, чIвазе; **~ пу́дру** пудра бахине; **~ печа́ть** печать чIвазе 3) *что (сооружать)* тIамизе, лъезе; **~ фунда́мент** кьучI лъезе 4) *что (положить)* базе; **~ са́хар в чай** чайдалъе чакар базе ◊ **~ нача́ло** байбихьи лъезе; **~ покло́ны** сужда гьабизе; **~ я́йца** ханал гьаризе (лъезе); **~ ору́жие** кверде вачIине; **~ в рот** жанибе бугIизе, чIамун кьезе, хIалица бичIчIизабизе

КЛЁВ *м* ччугIица хIапаро туркIи, ччугIа кквей; **сего́дня хоро́ший ~** жакъа ччугIа лъикI кколеб буго

КЛЕВА́ТЬ *несов.* 1) *что (о птице)* бищизе, кIутIизе 2) *кого-что (ударять клювом)* гозо кIутIизе 3) (*о рыбе*) ччIугIица хIапаро туркIизе ◊ **~ но́сом** свадизе; **де́нег ку́ры не клюю́т** рикIкIен лъаларе гIарац буго, кIудияб бечелъи буго

КЛЕ́ВЕР *м* лъабгIин

КЛЕВЕТ//А́ *ж* бугьтан; **возводи́ть ~у́** бугьтан лъезе (гIунтIизабизе, бугъизе)

КЛЕВЕТА́ТЬ *несов. на кого-что* бугьтан лъезе

КЛЕВЕТНИ́К *м* бугьтанчи

КЛЕВЕТНИ́ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое бугьтаналъулаб, бугьтан лъураб, гьечIеб гIайиб чIвараб; **~ое выступле́ние** гьечIеб гIайиб гIунтIизабураб кIалъай

КЛЕЕВ//О́Й, -ая, -ое синул, сину жубараб; **~а́я кра́ска** сину жубараб релъен

КЛЕЁНК//А *ж* клеёнка; **стол покры́т ~ой** столалда клеёнка тIамун буго

КЛЕЁНЧАТЫЙ, -ая, -ое клеёнкаялъул гьабураб

КЛЕ́ИТЬ *несов. что* седезе; **~ коро́бки** гъутхъал седезе

КЛЕ́И//ТЬСЯ *несов.* 1) седон рекIине; **бума́га хорошо́ ~тся** кагъат лъикI седон чIолеб буго 2) *перен. разг.* гьабун данде билълъине; **де́ло не ~тся** хIалтIи гьабун данде билълъунеб гьечIо

КЛЕЙ *м* сину

КЛЕ́ЙК/ИЙ, -ая, -ое седон чIолеб, рекIунеб, синумахIаб; **~ая бума́га для мух** тIутIал кколеб рекIарунеб кагъат

КЛЕЙКОВИ́НА *ж биол.* клейковина (*ролъалда, абгида ва цогидалги нигIматазда гъорлъ букIунеб белок*)

КЛЕЙМЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **клейми́ть**) дамгъа чIвай (*боцIуда*), мугьру чIвай

КЛЕЙМЁНЫЙ, -ая, -ое (*о товаре и т.д.*) дамгъа чIвараб, мугьру чIвараб, гIуж бараб

КЛЕЙМИ́ТЬ *несов. кого-что* 1) (*ставить клеймо*) гIуж базе, дамгъа чIвазе; **~ скот** боцIуда дамгъа чIвазе 2) *перен. (осуждать)* суризавизе, нагIана кьезе, къватIив чIвазавизе, рогьо базе; **~ изме́нников позо́ром** хиянатчагIазе нагIана кьезе (*суризаризе*)

КЛЕЙМО́ *с* дамгъа, мугьру, гIуж ◊ **смыть позо́рное ~** рогьоб бахъизе, чуризе

КЛЕ́ЙСТЕР *м* шириш

КЛЁКОТ *м (орла)* хъванкIди (*цIудул, хъвекалъул*)

КЛЁН *м* чIчIвад

КЛЕНО́ВЫЙ, -ая, -ое чIчIвадил(аб)

КЛЕПА́ТЬ *несов. что* 1) (*соединять заклепками*) магI базе 2) (*сплющивая края*) кьегI гьабизе (*маххуда*) 3) бухизе; **~ косу́** харицел бухизе, бухун рекIинабизе

КЛЁПКА 1) (*по гл.* **клепа́ть**) магI бай, кьегI гьаби, бухи, бекIкIи 2) (*бочарная дощечка*) чирмадул хъарщи

КЛЕПТОМА́НИЯ *ж* цIогъол унти, цIогъодичIого чIезе кIунгутIи

КЛЕРИКА́Л *м* клерикал (*клерикализмалъул рахъ кколев чи*)

КЛЕРИКАЛИ́ЗМ *м* клерикаллъи (*халкъалъул жамгIияб, политикияб ва маданияб гIумруялда жаниб диналъ аслияб рахъ кквей тIалаб гьабулеб политикияб бербалагьи*)

КЛЕ́ТК//А *ж* 1) (*для птиц, животных*) хьури 2) (*на бумаге, материи и т.д.*) къотIел 3) (*способ укладки*) мачIу; **скла́дывать дрова́ в ~у (~ой)** цIулал мачIу гьабизе 4) *биол.* клетка (*рухI бугебщинаб жо жиндасан гIуцIараб зарра*); **не́рвные ~и** нервабазул зарраби ◊ **грудна́я ~а** каранзул къали

КЛЕТЧА́ТКА *ж биол.* клетчатка (*рижулел жалазул клеткабазул хъал жиндасан гIуцIараб жо (вещество*)

КЛЕ́ТЧАТ//ЫЙ, -ая, -ое 1) къотIалаби ругеб; **~ый плато́к** къотIалаби ругеб (рукъ къотIараб) квербацI 2) *биол.* клеткаби ругеб; **~ое строе́ние организ́ма** организмалъул клеткабаздасан (клеткабазулаб) гIуцIи

КЛЁЦК//И *мн.* (*ед.* **~а** *ж*) гIисинхинкIал, тIеренхинкIал

КЛЕШНЯ́ *ж* клешня (*ралъдал гарцIалъул тIогьиса квачI)*

КЛЕЩ *м* гьитIинаб нугI

КЛЕЩЕВИ́НА *ж бот.* хIабсалат (*касторка нах бахъулеб багIаргьалида релълъараб могьолаб бижулеб жо*)

КЛЕЩИ́ *мн.* чолгъецI, магIал рахъулеб гъецI

КЛИЕ́НТ *м* клиент (1 *жиндирго иш бачине адвокатасда яги нотариусасда тIад къарав чи; 2 кидаго цо ккураб бакIалдаса жо босулев чи, заказал кьолев чи, вачIунев чи*)

КЛИЕ́НТКА *ж* клиентка

КЛИЕНТУ́РА *ж собир.* клиентал

КЛИ́ЗМ//А *ж* 1) клизма; **поста́вить ~у** *кому-л. лъиениги* клизма лъезе 2) клизма (*гьеб лъолеб алат*)

КЛИК *м* ахIи, гьаракь; **~и журавле́й** кьункърабазул гьаракь

КЛИ́КА *ж* къокъа, руккел (*квешаб хиянатгун данделъараб*)

КЛИ́КАТЬ *несов.* 1) *кого-что разг. (звать)* ахIизе 2) (*кричать – о птицах*) кьвакъвадизе, гъургъур бачине, гIегIедизе ва гь.ц.

КЛИ́КНУТЬ *однокр. к* **кли́кать**[1]

КЛИ́МАКС *м мед.* климакс (*лъимал гьарулеб ригьалдаса чIужугIадан ятIалъулеб заман*)

КЛИМАКТЕРИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое: **~ пери́од** *см.* **кли́макс**

КЛИ́МАТ *м (цо хасаб бакIалъул)* гьава-бакъ; **тёплый ~** хинаб гьава-бакъ

КЛИМАТИ́ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое гьава-бакъалъул(аб); **~ие усло́вия** гьава-бакъалъул шартIал

КЛИН *м* 1) лъутI; **вбить ~** лъутI кьабизе 2) (*в платье*) бутI; **вшить ~** бутI базе ◊ **~ом вышиба́ть** лъутIалъ лъутI бахъизе (балагьалъ балагь нахъчIвазе); **борода́ ~ом** цIцIелмегеж

КЛИ́НИКА *ж* клиника (*сах гьариялда цадахъ гIелмияб хIалтIи гьабулеб ва студентазе махщел щолеб бакI)*

КЛИНИ́ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое клиникияб; **~ое лече́ние** клиникаялда сах гьари

КЛИНКО́В//ЫЙ, -ая, -ое: **~ая сталь** хунжрул, хвалчаби гьарулеб чаран

КЛИНОВИ́ДН//ЫЙ, -ая, -ое лъутIалда релълъараб

КЛИНО́К *м* бал (*хвалчадул, хонжрол*); хвалчен, ханжар

КЛИ́НОПИСЬ *ж* клинопись (Ц*ебесеб Азиялъул халкъазул лъутIазда релълъараб некIсияб хъвай-хъвагIай*); *гьедин хъварал* кагъатал

КЛИЧ *м* ахIи бай, гьаракь гьаби; **кли́кнуть ~** ахIи базе

КЛИ́ЧКА *ж* 1) (*животных*) рукъалъул хIайваназе кьураб цIар 2) (*прозвище*) тIокIцIар

КЛИ ЧУ, кли́ чешь *и т.д. наст. от* **кли́кать**

КЛИШЕ́ *с нескл. полигр.* клише (*газеталда, тIехьалда лъоле6 сурат тIад лъугьинабураб металл, цIул, гамачI)*

КЛОА́КА *ж* 1) рахъ (*чороклъи жанисан чвахулеб, ракьулъ бухъараб*) 2) *перен.* хъубаб рукъ-бакI, рощногохI 3) *зоол.* гъизимухъ

КЛОК *м* (*мн.* **кло́чья**) 1) кIвацIи; ~ **се́на** харил кIвацIи 2) (*прядь*) микIис; ~ **воло́с** расул микIис 3) (*обрывок, лоскут*) кесек, рукъи; ~ **овчи́ны** къохьол кесек; **разорва́ть в кло́чья** кескал гьаризе, рукъаби рахъизе

КЛОК//ОТА́ТЬ *несов.* 1) (*о жидкости*) хъвалхъвадизе; **в котле́ ~о́чет вода́** хъагиниб лъим хъвалхъвадулеб буго 2) *чаще безл. (хрипеть)* херхедизе 3) *перен. (о чувствах, страстях)* хIалуцине, гьалагIъизе, гьелегьине; **в нем все ~ота́ло** гъов гьалаг-лъун вукIана; **~о́чет в груди́** ракI хIалуцун буго

КЛОНИ́//ТЬ *несов.* 1) *кого-что (наклонять)* къулизабизе, гьетIизабизе, шапизабизе; **ве́тер ~т верху́шки дере́вьев** гьороца гъутIбузул тIогьал къулизарулел руго 2) *кого-что к чему (ко сну, дремоте*) макьихине, гьапуллъизе, свадизе; **его ~ло ко сну** гъов гьапуллъулев вукIана 3) *перен. (влечь)* цIазе, бачине, гьетIизе; **к чему́ ты ~шь?** дуца кибе цIалеб бугеб? (щибилан абизе бокьун бугеб?)

КЛОНИ́ТЬСЯ *несов.* къулизе, гьетIизе, шапизе; **де́рево кло́нится к земле́** гъветI ракьалде шапулеб буго 2) *перен. (близиться) к чему-л.* гIагарлъизе; **со́лнце кло́нится к за́паду** бакъ тIерхьинехъин буго 3) *перен.* ккезе; **к чему́ кло́нится все э́ то?** гьаб киналъулго щиб ккезе бугеб?

КЛОП *м* жунжра, сонсо 2) *перен. разг. (малыш)* малъгIанасев жо

КЛОПОВНИ́К *м прост.* жунжра бараб рукъ (къайи-цIа)

КЛО́УН *м* 1) клоун (*циркалда кепал яги сатирикиял номерал рихьизарулев чи*) 2) гIодопалугьан, палугьанасул бацI

КЛОХТА́НЬЕ *с* кьвакъвади

КЛОХТА́ТЬ *несов.* кьвакъвадизе

КЛОЧО́К *м уменьш. от* **клок; ~ бума́ги** кагътил кесек 2) (*о площади*) кьинцI; ~ **земли́** ракьул кьинцI 3) (*о шерсти*) микIис; ~ **ше́рсти** квасул микIис 4) (*о сене*) квацIи (кверцI); ~ **се́на** харил квацIи (кверцI)

КЛУБ[1] *м* клуб (*культуриябгун лъай кьеялъул, политикияб ва спорталъул жамгIияб гIуцIи*)

КЛУБ[2] *м:* **~ы ды́ ма** кIкIуйдул гIамал; ~ **пы́ ли** хIурул гIомо

КЛУ́ Б//ЕНЬ *м* бицаткараб кьибил; **карто́фельные ~ни** картошка

КЛУБИ́ //ТЬСЯ *несов.* бахъине, гьаваялде бахъине; **пыль ~тся по доро́ге** нухда хIур бахъун буго

КЛУБНИ́КА *ж (растение, ягода)* чIахIияб гIодокари, кверкъи

КЛУБНИ́ ЧН//ЫЙ, -ая, -ое чIахIияб гIодокарул(аб), кверкъидул; **~ое варе́нье** чIахIияб гIодокарул мурапа

КЛУ́ БН//ЫЙ, -ая, -ое клубалъул(аб), клубалда хурхараб; **~ая рабо́та** клубалъул хIалтIи

КЛУБ//О́К *м* гIомо ◊ **сверну́ться ~ко́м (в ~о́к)** гIомо-горо гьабун бегизе

КЛУ́ МБА *ж* тIогьосвери, тIугьдул чIараб бакI

КЛЫК *м* гожо

КЛЫКА́СТЫЙ, -ая, -ое гажахараб, чIахIиял гажазул

КЛЮВ *м* гозо

КЛЮКА́ *ж* гIанса *(гIоркь кIичIараб)*

КЛЮ́ КВА *ж (растение, ягода)* багIаркIогIоро (*хьуцIмахIаб бакIалда хъархъида бижулеб цIекIаб тIагIамалъул гIодопихъ*)

КЛЮ́ КВЕННЫЙ, -ая, -ое багIаркIогIороялъул(аб); ~ **кисе́ль** багIаркIогIороялъул кисель

КЛЮ́ НУТЬ *однокр. к* **клева́ть**

КЛЮЧ[1] *м в разн. знач.* кIул; ~ **от кварти́ры** рукъалъул кIул; **га́ечный** ~ гайкаби кьурулеб кIул; **скрипи́чный** ~ нотабазул (рагIалда бахъараб) гIаламат; **запере́ть на** ~ рахазе

КЛЮЧ[2] *м (родник)* ицц ◊ **бить ~о́м** иццлъун кIанцIизе, гьалаглъун ине, чвахизе; **вода́ бьет ~о́м** лъим иццлъун кIанцIун буго; **жизнь бьёт ~о́м** гIумру хехго цебе тIолеб буго

КЛЮЧЕВ//О́Й[1], -ая, -ое 1) кIулалъул(аб), кIулалда хурхараб; **часы́ с ~ы́м заво́дом** кIулкьурун хIалтIулеб сагIат 2) *перен.* кIвар бугеб, аслияб; **~а́я пози́ ция** кIвар бугеб, аслияб позиция

КЛЮЧЕВ//О́Й[2], -ая, -ое иццул; **~ая вода́** иццул лъим

КЛЮ́ ЧИК *м уменьш. от* **ключ**

КЛЮЧИ́ ЦА *ж анат.* сологIучI

КЛЮ́ ШКА *ж спорт.* клюшка

КЛЮЮ́ , клюе́шь *и т.д. наст. от* **клева́ть**

КЛЯ́ КС//А *ж* щакъидул ланг (*кагътида лъураб щакъидул тIанкI)*; **поста́вить ~у** щакъидул ланг лъезе

КЛЯ́ НЧИТЬ *несов. что* бикIизе *(гьарун)*; ~ **де́ньги** гIарац бикIизе (*гIемер гьарун*), тIаса вичIичIого, гьаризе

КЛЯСТЬ *несов. кого-что* нагIана кьезе, хьандезе

КЛЯ́СТЬСЯ *несов.* гьедизе, гьедаризе; ~ **в ве́рности** ритIухълъиялъе гьедизе; **клянусь!** гьедула!

КЛЯ́ ТВА *ж* гьа, кIудияб къагIидаялъул къотIи

КЛЯ́ ТВЕННЫЙ//ЫЙ, -ая, -ое: **дать ~ое обеща́ние** кIудияб къагIидаялъул къотIи гьабизе, гьа бан къотIи гьабизе

КЛЯТВОПРЕСТУПЛЕ́НИЕ *с* гьа биххи, биххизаби, гьа хвезаби

КЛЯТВОПРЕСТУ́ ПНИК *м* гьа биххарав чи

КЛЯТВОПРЕСТУ́ ПНИЦА *ж* гьа биххарай гIадан

КЛЯ́ УЗА *ж разг.* рекъечIеб гIарз, мацI, бугьтан; **занима́ться ~ми** гIарзагъине

КЛЯ́ УЗНИК *м разг.* мацIихъан, бугьтанчи, гIарзачи

КЛЯ́ УЗНИЦА *ж* мацIихъан, бугьтанчIужу, гIарзачIужу

КЛЯ́ УЗНИЧАТЬ *несов. разг.* гIарзагъине, мацIагъине, бугьтанал лъезе

КЛЯ́ УЗН//ЫЙ, -ая, -ое мацIихъанлъиялъул(аб), нахъегIанаб, хъубаб, нахIсаб; **~ое де́ло** гьитIинабго судалъулаб дагIбакъец; **~ый челове́к** гIарзагъунев чи

КЛЯ́ ЧА *ж* ябу, ябучу

КНИ́ ГА *ж* тIехь, таптар ◊ ~ **жа́лоб и предложе́ний** гIарзаби ва насихIатал хъвалеб тIехь

КНИГОЛЮ́ Б *м* тIахьал рокьулев ва гьел лъикI лъалев чи

КНИГОНО́ША *м, ж* бакI-бакIалде раччун тIахьал ричулев чи

КНИГОПЕЧА́ТАНИЕ *с* тIахьал рахъи

КНИГОТОРГО́ВЛЯ *ж* тIахьал ричи

КНИГОХРАНИ́ЛИЩЕ *с* 1) тIахьал (журналал) цIунулеб рукъ (*библиотекаялда*) 2) кIудияб библиотека

КНИ́ ЖКА *ж* 1) (*гьитIинаб) т*Iехь; **интере́сная** ~интересаб, цIализе бокьулеб тIехь 2) (*документ*) книжка; **чле́нская** ~ членлъиялъул книжка; **сберега́тельная** ~ аманаткассаялъул книжка 3) *анат. (у жвачных животных)* анкькIачI

КНИ́ ЖНИК *м* тIахьал рокьулев, гьел лъалев чи; тIахьал ричиялъул хIалтIухъан, тIахьалрич

КНИ́ ЖН//ЫЙ, -ая, -ое тIахьазул(аб), тIехьалъул(аб); **~ый шкаф** тIахьазул шкаф; **~ое изда́тельство** тIахьал рахъулеб басма; **~ое выраже́ние** тIехьалъулаб калам

КНИ́ ЗУ *нареч.* гъоркьехун, гIодобехун; **опусти́ ть го́лову** ~ бетIер гIодобе къулизабизе; **дёрнуть** ~ гъоркьехун туркIизе

КНО́ПК//А *ж* 1) (*гвоздь*) кнопка; **закрепи́ ть ~ой** кнопкаялъ щула гьабизе 2) *эл.* кнопка; **нажа́ть ~у звонка́** цIурмил кнопка цузе 3) (*застежка*) кьванкIеро ◊ **нажа́ть на все ~и** бажараб-щинаб гьабизе

КНУТ *м* цIал; **подгоня́ ть ло́шадь ~ом** чу цIалаца бацIизе

КНУТОВИ́ ЩЕ *с* цIалагIоркь

КНЯГИ́ НЯ *ж* бика, кнезасул чIужу

КНЯ́ ЖЕСКИЙ, -ая, -ое кнезасул(аб); ~ **дом** кнезасул мина

КНЯ́ЖЕСТВО *с* княжество (*кнезас бетIерлъи гьабулеб ракь*)

КНЯ́ ЖИТЬ *несов. уст.* княжествоялъе бетIерлъи гьабизе

КНЯЖНА́ *ж* кнезасул яс

КНЯЗЬ *м* кнезь (1 *некIо гIурусазул бодул цевехъан ва областалъул бетIер; 2 ирсалъе щолеб яги тIокIлъиялъухъ кьолеб букIараб цIар*)

КО “к” *предлогалъул бакIалда цо хасал хIарпазул цолъиялда цебе хIалтIизабулеб предлог, мас.*: **ко рту** кIалдибе; **ко всем** киназдего; **ко дну** тIинде

КОАЛИЦИО́НН//ЫЙ, -ая, -ое цолъараб, цадахъ рекъараб, коалицияб; **~ое прави́тельство** батIи-батIиял партиял разилъун гIуцIараб цадахъ рекъараб хIукумат

КОАЛИ́ ЦИЯ *ж* цолъи, разилъи, союз

КО́БАЛЬТ *м* кобальт (*гIарцукьераб кIвакIараб металл; бецIхъахIилаб релъен*)

КОБЕ́ЛЬ *м* гьой (*гважи гуреб*), тула

КО́БРА *ж* кобра (*рагIарарал улкабазда букIунеб цIакъ загьруяб гарбида тIанкIалги ругеб кIудияб борохь)*

КОБУРА́ *ж* лъел (*танчил*)

КО́БЧИК *м* гьорогвед

КОБЫ́ЛА *ж* гIала

КОБЫЛИ́ ЦА *ж см.* **кобы́ ла**

КО́ВАНЫЙ, -ая, -ое 1) (*изготовленный ковкой*) бацIараб (*бацIун гьабураб*) 2) (*обитый железом*) тIад махх ккураб (*маххуца къараб*); **~ сунду́к** тIад махх ккураб гъамас 3) (*подкованный*) тIукъби чIвараб

КОВА́РН//ЫЙ, -ая, -ое макруяб, хIиллаяб, рекIкIаб, ламартаб; **~ый враг** макруяв тушман; **~ая улы́ бка** ламартаб гьими

КОВА́РСТВО *с* рекIкI, хIиллачилъи, ламартлъи

КОВА́ТЬ *несов.* 1) *что* бацIизе; гьабизе; **~ желе́зо** махх бацIизе; **~ ору́жие** ярагъ гьабизе 2) *кого (подковывать*) тIикъва-магI чIвазе; **~ ло́шадь** чода тIикъва-магI чIвазе 3) *что перен. (создавать*) (*захIмат бихьун, тIад чIун*) гьабизе, гIагарлъизабизе; **~ побе́ду** бергьенлъи гIагарлъизабизе ◊ **куй желе́зо, пока́ горячо́** багIарун букIаго, махх бацIе (*гIор щун букIаго, цIул бахъе*)

КОВБО́Й *м* ковбой (*Америкаялъул бакътIерхьул штатазул авлахъазда рехъаби хьихьулев рекIарав вехь*)

КОВБО́ЙКА *ж* (*клетчатая рубашка*) ковбойка (*хасаб формаялъул клеткабиги ругеб бихьиназул тIасан гурде)*

КОВЁР *м* халича, тIанса

КОВЕ́РКАТЬ *несов.* 1) *кого-что (портить)* куц хвезабизе, гьетI-гьетIизабизе; **~ маши́ну** машинаялъул куц хвезабизе; **~ по́черк** хатI хвезабизе, сурукъго хъвазе 2) *что перен. (искажать)* мекъи загьир гьабизе; **~ язы́к** мацI мекъи бицине; **~ чужу́ю мысль** чияр пикру мекъи загьир гьабизе

КОВЕРКО́Т *м* коверкот (*гъункараб квасул ххамил цо тайпа*)

КО́ВКА *ж* (*по гл.* **кова́ть**) (*железа*) бацIи, (*коня*) тIикъва-магI чIвай

КО́ВКИЙ, -ая, -ое бацIун бачIунеб; **~ мета́лл** бацIун бачIунеб металл

КОВРИ́ ГА *ж (каравай)* кIудияб гургинаб чед

КОВРИ́ ЖК//А *ж* коврижка (*пряниказул тайпа*) ◊ **ни за каки́ е ~и не отда́м** щиб кьуниги, кьеларо

КО́ВРИК *м уменьш. от* **ковёр**

КОВРО́ВЩИЦА *ж (халича бессулей)* ессарухъан

КОВРО́В//ЫЙ, -ая, -ое 1) халичадул(аб), тIансаялъул(аб); **~ая доро́жка** халичаби тIамун гьабураб нух; **~ый рису́нок** халичадул расен 2) (*похожий на ковер*) халичагIадаб (*релъараб); ~ая ткань* халичагIадаб ххам

КОВШ *м* 1) гел, гIорто, гелецI 2) *тех.* ковш; **~ экскава́тора** экскаваторалъул ковш

КОВЫ́ ЛЬ *м* мина-мина тIавус

КОВЫЛЯ́ ТЬ *несов. разг.* рекъдулаго (хьвагIолаго, хъалхъалиялда) ине

КОВЫРЯ́ ТЬ *несов. что* и *в чем разг.* гIанлъизе; бикIизе; **~ сте́ну** къед гIанлъизе; **~ в зуба́х** гIусал рикIизе

КОВЫРЯ́ ТЬСЯ *несов. разг.* 1) *в чем сундулъниги* викIаризе, хъирщардизе; **~ в песке́** салулъ хъирщардизе 2) *перен. (возиться, копаться)* бажари гьечIого, квалквадизе, ваккаризе, хIунхIуниялда вукIине, викIаризе

КОГДА́ I. *нареч.* 1) *вопр.* и *относ.* кида; **~ он придёт?** кида гъов вачIунев? **я не зна́ю, ~ он придёт** дида лъаларо кида гъов вачIиневали 2) *неопр.* цо-цо мехалъ; **~ е́зжу верхо́м, ~ хожу́ пешко́м** цо-цо мехалъ рекIун, цо-цо мехалъ лъелго хьвадула 2. *союз.* мехалъ; **я верну́сь, ~ зако́нчу рабо́ту** хIалтIи лъугIараб мехалъ, нахъвуссина дун ◊ **ре́дко ~** къанагIат; **~ бы то ни́ было** кида букIаниги; **жил ли ты ~ в селе́?** киданиги росулъ гIумру гьабулеб букIанищ дуца?

КОГДА́-ЛИБО *см.* **когда́-нибудь**

КОГДА́-НИБУДЬ *нареч.* кида бугониги, кида-къадги, киданиги; **ты ~ был там?** мун киданиги вукIаравищ дова? **~ мы пое́дем** кида-къадги нилъ рилъгьина

КОГДА́-ТО *нареч.* 1) (*в прошлом*) кидаялиго; **~ мы бы́ ли знако́мы** кидаялиго ниж цоцада лъалаан 2) (*в будущем*) кида бугониги; **~ он ещё вернётся** кида бугониги гъов жеги нахъ ву-ссина

КОГО́РТА *ж (хасаб мурадалъе гIоло цадахъ рекъараб*) къокъа; **желе́зная ~ борцо́в за мир** рекъел цIуниялъе къеркьолезул чармилаб (маххулаб) къокъа

КО́Г//ОТЬ *м* малъ (*хIанчIазул ва хIайваназул*) ◊ **попа́сть в ~** *к кому́-либо* тIубанго *лъиданиги* варавлъун лъугьине

КОГТИ́ СТЫЙ, -ая, -ое бегIерал малъал ругеб

КОД *м* код (*цоцахъе баянал кьеялъе, хIасил гьабиялъе хIалтIизабулеб, ургъун бахъараб хасал гIаламатазул гIуцIи*)

КО́ДЕКС *м* 1) *юр. (свод законов)* кодекс (*законазул дандерачин*); **уголо́вный ~** уголовнияб кодекс 2) *перен. (совокупность правил*) гIадатал; **мора́льный ~** хьвада-чIвадиялъул, адаб-хасиятлъул гIадатал

КОДИ́РОВАТЬ *сов и несов.* кодалде сверизабизе, кодалде сверизабун, бахчизе

КО́ДОВЫЙ, -ая, -ое кодалъул(аб); **~ знак** кодалъул гIаламат

КО́Е-ГДЕ́ *нареч.* бакI-бакIалда, доба-гьаниб, цо-цо бакIалда, киб-кибниги

КО́Е-КА́К *нареч.* 1) (*с трудом*) хIалица, къо бихьун; **мы ~ добрали́сь домо́й** ниж хIалица щвана рокъоре 2) (*небрежно*) тIаса-масаго, хашго; **рабо́та сде́лана ~** хIалтIи тIаса-масаго гьабун буго

КО́Е-КАКО́Й, -ая, -ое *мест. неопр.* 1) (*некоторый*) цо-цо; **подружи́ лся ко́е с каки́ ми това́рищами** цо-цо гьалмагъзабазулгун гьудуллъи ккана 2) (*незначительный*) дагьа-макъаб

КО́Е-КТО́ *мест. неопр.* цо-цояв; **~ зако́нчил рабо́ту** цо-цояз хIалтIи лъугIизабун буго

КО́Е-КУДА́ *нареч.* добе-гьанибе, цо-цо бакIалде, рахъ-рахъалде; **мне на́до ещё зайти́** ~ дир жеги ваккизе бакIал руго

КО́Е-ЧТО́ *мест. неопр.* дагьа-макъаб жо, щиб-щибниги

КО́Ж//А 1) (*наружный покров*) тIом 2) (*выделанная*) хьвацIа, лакай 3) *разг. (плода)* хъал; **апельси́н с то́лстой ~ей** бицатаб хъалалъул апельсин ◊ **из ~и вон лезть** цIакъ хIаракат бахъун лъугьине; **у него́ ~а да ко́сти** ракьаги тIомги хутIун буго гьосул, цIакъ хIалакълъун вуго гъов

КО́ЖАН//ЫЙ, -ая, -ое хьвацIил(аб), лакайдул(аб); **~ая о́бувь** хромалъул (лакайдул) хьитал; **~ые перча́тки** лакайдул квердаххелал

КОЖЕ́ВЕННЫЙ, -ая, -ое лакай гьабулеб, цIоко-тIомалъалъул дабагъ лъугьинабулеб; **~ заво́д** цIоко-тIомалъул завод (*лъугьинабулеб, къайи гьабулеб*)

КОЖЕ́ВНИК *м* дабагъчи, цIоко-тIом лъугьинабулев чи

КОЖИМИ́Т *м* кожимит (*лакаялда релъалъинарун гьарулел материалазул басрияб цIар*)

КО́ЖИЦА *ж* 1) (*тонкая кожа*) тIеренаб тIом 2) (*плода*) тIеренаб хъал

КО́ЖНИК *м* тIомол унтабазул тохтир

КО́ЖН//ЫЙ, -ая, -ое тIомол(аб); **~ые боле́зни** тIомол унтаби

КОЖУРА́ *ж* хъал (*пихъил, овощазул*)

КОЖУ́Х *м* 1) (*тулуп*) тIимугъ, гвала 2) *тех.* футляр (*механизмалда тIад ххолеб лъел*)

КОЗА́ *ж* цIцIе ◊ **драть как си́дорову ко́зу** *разг.* гурхIелцIоб гьечIого, вацIизе

КОЗ//ЁЛ *м* 1) дегIен 2) *спорт.* козёл ◊ **пусти́ть ~ла́ в огоро́д** *погов.* гIи цIунун, бацI тезе; **от него́ как от ~ла́ молока́** ганчIидаса тIотIоегIан пайда гьечIо гьесдасан (дагIнидаса рахь гIадин щвела гьесдасанги)

КОЗЕРО́Г *м зоол.* гIалхул дегIен *(кIудиял лълъурдузул)*

КО́З//ИЙ, -ья, -ье цIцIел(аб); **~ье молоко́** цIцIел рахь

КОЗЛ//ЁНОК *м* (*мн.* **~я́ та**) бурутI

КО́ЗЛИК *м уменьш. от* **козёл**

КОЗЛИ́Н//ЫЙ, -ая, -ое дагIнил, дагIнил цIокоялъул гьабураб; дагIнил гIадаб ◊ **~ая боро́дка** дагIнимегеж

КОЗЛЫ́ *мн.* 1) (*место кучера*) *фаэтоналда* кучер, файтончи гIодов чIолеб бакI 2) (*подставка для дров*) хIамул (*тIад цIул хъухъалеб жо*)

КОЗЛЯ́ ТИНА *ж* цIцIелжалазул гьан

КО́ЗНИ *мн.* макруяб, балъгояб къасд; рекIкIаб ният, хIиллааб пикру

КОЗЫРЁК *м* щомели ◊ **взять (сде́лать) под ~ честь** честь кьезе

КОЗЫРНО́Й, -ая, -ое умен, уменалъул(аб); **~ туз** туз умен

КОЗЫРНУ́ ТЬ[1] *однокр. к* **козыря́ ть**[1]

КОЗЫРНУ́ ТЬ[2] *однокр. к* **козыря́ ть**[2]

КО́ЗЫРЬ *м* 1) (*в карточной игре*) умен 2) *перен. къваригIараб бакIалда батулеб чиясул* тIоклъи, цIайи

КОЗЫРЯ́ ТЬ[1] *несов. разг.* 1) (*в карточной игре*) уменалдасан ине 2) *перен. чем (хвастаться)* чIухIдаризе, веццаризе, жиндирго тIокIлъи бихьизабизе

КОЗЫРЯ́ ТЬ[2] *несов. разг. (делать под козырек)* честь кьезе (час кквезе)

КОЙ: ни в ко́ем слу́чае щиб гьабуниги, щиб лъугьаниги

КО́ЙКА *ж* чIедераб кровать (*больницаялда, казармаялда букIунеб*)

КОК[1] *м* кок (*гамил богогьан*)

КОК[2] *м (род прически)* кок (кьур-кьурун надалде биччараб расалъул катIари)

КОКЕ́ТКА *ж* гогьма, жийго берцин йихьизайизе хIаракат бахъулей гIадан (*ратIлица, рагъа-ракариялъ ва гь.ц.)*

КОКЕ́ТЛИВ//ЫЙ, -ая, -ое гогьмаяб; **~ая де́вушка** гогьмаяй яс

КОКЕ́ТНИЧАТЬ *несов. с кем и без доп.* гогьдаризе, хIадаризе, берцин йихьизайизе

КОКЕ́ТСТВО *с* гогьдари, хIадари, чIухIдари, жийго берцин йихьизайи

КОККК *м биол.* кокк (*гургинккараб бактерия*)

КО́КЛЮШ *м мед.* гьанкъул хIалщен (*лъималазул*)

КО́КОН *м* кIазил къвачIа (къазил къвачIа)

КОКО́С *м (орех кокосовой пальмы*) кокос, гьиндцIулакьо

КОКО́СОВ//ЫЙ, -ая, -ое кокосалъул, кокос бижулеб; **~ый оре́х** гьиндцIулакьо; **~ая па́льма** кокосалъул гъветI

КОКС *м* кокс (*ганчIил тIорччодасан, гIерилдасан щолеб къвакIараб цIатариялъул цо тайпа*)

КОКСОВА́ТЬ *несов. что тех.* ганчIил тIорччол кокс лъугьинабизе

КОЛ[1] *м* 1) (*мн.* **~ья**) гъазихъ, гIер 2) (*мн.* **~ы**) *разг. (низшая отметка)* цойилаб ◊ **хоть ~ на голове́ теши́** ганчIица бетIер буханиги, кантIуларев

КОЛ[2] *м* гIер, тIил (*хурзабазул, рацабазул цебе букIараб роцен*) ◊ **у него́ ни ~а́ ни двора́** я хур гурев, я мина гурев; оц тIурани, лълъарада базе жо гьечIев

КО́ЛБА *ж* колба

КОЛБАСА́ *ж* цIураб бакь, цIураб гьан

КОЛГО́ТКИ *мн.* колготкаби

КОЛДО́БИНА *ж (на дороге и т.п.)* гвенд

КОЛДОВА́ТЬ *несов.* 1) сихIру гьабизе 2) *перен. шутл.* гъорлъ восун, цо хIалтIи гьабизе (*тIаде валагьарасда бичIчIулареб*)

КОЛДОВСТВО́ *с* 1) сихIру гьаби 2) перен. (*очарование*) пана гьаби

КОЛДУ́ Н *м* сихIручи

КОЛДУ́ НЬЯ *ж* сихIручIужу

КОЛЕБА́НИ//Е *с* 1) (*по гл.* **колеба́ться**) хьвагIи, хьвагIей; **~е ма́ятника** маятникалъул хьвагIей 2) (*неустойчивость*) гьаргьади; хисарди; **~е температу́ры** хинлъи-цIороялъул хисарди 3) *перен. (нерешительность)* васвасди; **по́сле до́лгих ~й** гIемер васвасдун хадуб

КОЛЕБА́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое хьвагIеялъул(аб); гьетIариялъул(аб), хисардиялъул(аб); **~ое движе́ние** хьвагIеялъулаб ба-гьари, хьвагIон багъари

КОЛЕБ//А́ТЬ *несов. что* хьвагIезабизе, багъарахъдизабизе, гьанкIезабизе, кIобокIизабизе; васвасдизе тIамизе **ве́тер ~лет дере́вья** гьороца гъутI-би хьвагIезарулел руго

КОЛЕБ//А́ТЬСЯ *несов.* 1) (*раскачиваться*) хьвагIезе, багъарахъдизе, гьанкIезе 2) (*меняться*) хисардизе; **це́ны ~лются** багьаби хисардулел руго 3) *перен. (испытывать нерешительность)* васвасдизе, васвасалъе ккезе

КОЛЕ́БЛЮЩИЙСЯ, -аяся, -ееся 1) (*дрожащий*) сородулеб 2) *перен. (неустойчивый*) хисардулев, васвасдулев

КОЛЕ́НКА *ж разг. см.* **коле́но**

КОЛЕНКО́Р *м* коленкор (*тIахьазда кколеб яги ратIлида гъоркь лъолеб синуги гъорлъ бессараб квасквасул ххам*)

КОЛЕНКО́РОВЫЙ, -ая, -ое коленкоралъул

КОЛЕ́НН//ЫЙ, -ая, -ое накуялъул, накалзул; **~ая ча́шка** *анат.* накалзул щурун

КОЛЕ́Н//О *с* 1) наку; **встать на ~и** накабазда чIезе; **поста́вить на ~и** накабазда лъезе, накалда ккезабизе; **стоя́ть на ~ях** накабазда чIезе; **сиде́ть** *у кого-л.* **на ~ях** лъилниги накабазда гIодов чIезе; **посади́ ть ребёнка к себе́ на ~и** лъимер жиндирго накабазда лъезе 2) (*мн.* **коле́нья**) гIункIрукь (*кинаб бугониги тIагIелалъул сукIи́, свери́*); **~о трубы́** трубаялъул гIункIрукь 3) (*мн.* **коле́на**) кочIол, кьурдул цо бутIа, сверел 4) рикьи (*тухумалъул*) ◊ **ему́ мо́ре по ~о** гъосда бокьараб жо гьабизе кIола, сункьаго хIинкъуларо

КОЛЕНОПРЕКЛОНЕ́НИЕ *с* наку чIвай, бетIер къули, мутIигIлъи

КОЛЕНОПРЕКЛОНЁННЫЙ, -ая, -ое наку чIвараб, мутIигIаб

КОЛЕ́НЦЕ *с уменьш. от* **коле́но** 3)

КОЛЕ́НЧАТЫЙ, -ая, -ое гьодккараб, гIункIрукьал ругеб; **~ вал** *тех.* гIункIрукьал ругеб вал; **~ сте́бель** гьодалккараб хIуби (*гIочIол, харил*)

КОЛЁСИКО *с* 1) *уменьш. от* колесо; 2) (*деталь*) чарх, гьоко

КОЛЕСИ́ ТЬ *несов. разг. (много ездить)* гIемер тира-сверизе; **~ по всему́ све́ту** дунял сверизе

КОЛЁСН//ЫЙ, -ая, -ое 1) чархил(аб), гьакил(аб); **~ый ма́стер** гьаказул устар; **~ая мазь** гьакил, чархил нах 2) (*с колесами*) гьакал, чархал ругеб; **~ый тра́ктор** гьакал ругеб трактор

КОЛЕСО́ *с* гьоко, гьакибер, чарх ◊ **вставля́ ть па́лки в колёса** гьабулеб ишалъе квекIенал гьаризе, нухде гъегъ базе; **пя́ тое ~ в теле́ге** *щибниги* къваригIунареб, хIажат гьечIеб жо

КОЛЕ́ЧКО *с уменьш. от* **кольцо́**

КОЛЕ//Я́ *ж* 1) (*след от колес*) гьакимухъ, лъалкI (*гьакибурдузул*) 2) маххулнух ◊ **войти́ в ~ю́** нухда ккезе, ишалда гъорлъе лъугьине; **жизнь вошла́ в ~ю́** гIумру-яшав рукIалиде ккана; **вы́ -бить из ~и** гIумрудул, хIалтIул ин хвезабизе, гIадатияб гуреб хIалалде ккезабизе (гIумру рахъниса борчIизабизе)

КО́ЛИК//И *мн.* (*ед.* **~а** *ж*) *мед.* хIунси, хIунсул унти

КОЛИ́ЧЕСТВЕНН//ЫЙ, -ая, -ое къадаралъул(аб); **~ые измене́ния** къадаралъулал хиса-басиял ◊ **~ые числи́ тельные** къадаралъулал рикIкIенал; **~ый ана́лиз** *хим.* химиялъул элементалда гъорлъ ругел бутIабазул къадар чIезабулеб анализ

КОЛИ́ ЧЕСТВО *с* 1) къадар, рикIкIен; **тру́дно установи́ ть ~ люде́й** гIадамазул къадар чIезабизе захIмат буго 2) *филос.* къадар; **~ перехо́дит в ка́чество** къадар качествоялде сверула

КО́ЛКА *ж* (*по гл.* **коло́ть**[2]) бичIи, беки; **~ дров** цIул бичIи; **~ льда** цIер беки (гъури)

КО́ЛК//ИЙ[1], -ая, -ое 1) (*колючий*) хIунчулеб 2) *перен.* хIунсулеб; **~ие слова́** хIунсулел ругIаби

КО́ЛК//ИЙ[2], -ая, -ое (*поддающийся колке*) бичIун (хъвал-хьун) бачIунеб; **~ие дрова́** бичIун бачIунеб цIул (*хъвалхьине бигьаяб*)

КО́ЛКОСТ//Ь (*язвительное замечание*) бухIизаби, хIунси; **говори́ ть ~и** хIунсулел ругIаби абизе

КОЛЛЕ́ГА *м, ж* цого махшелалъул чи; *хIалтIуда, цIалулеб бакIалда* гьалмагъ

КОЛЛЕГИА́ЛЬНОСТЬ *ж* данд бан хIалтIи гьаби

КОЛЛЕГИА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое коллегиялъул(аб); **~ое реше́ние** коллегиялъулаб хIукму (данд бан гьабулеб хIукму)

КОЛЛЕ́ГИЯ *ж* 1) коллегия (*цого хъулухъалъул гIадамазул цолъи); ~* **адвока́тов** адвокатазул коллегия 2) коллегия (*хIакимзабазул къокъа*); **редакцио́нная ~** редакциялъул коллегия; **~ министе́рства просвеще́ния** лъай кьеялъул министерствоялъул коллегия

КО́ЛЛЕДЖ *м* колледж (*тIадегIанаб яги гьоркьохъеб цIалул заведение*)

КОЛЛЕКТИ́ В *м* коллектив (*цо ишалъе, хIалтIуе данделъарал гIадамазул къокъа*); **нау́чный ~** гIелмияб коллектив

КОЛЛЕКТИВИЗА́ЦИЯ *ж* коллективизация (*гIамлъизаби, гIи-боцIиги ракьалги данд ран, социализмаялда колхозал гIуцIи*)

КОЛЛЕКТИВИЗИ́ РОВАТЬ *сов. и несов. что* коллективизация гьабизе

КОЛЛЕКТИВИ́ЗМ *м* коллективизм (*гIахалаб куцалда хIалтIи бачиналъул къагIида*)

КОЛЛЕКТИ́ ВНО *нареч.* гIахьалго, данд бан

КОЛЛЕКТИ́ВН//ЫЙ, -ая, -ое коллективияб, гIахIалаб; **~ое хозя́йство** гIахьалаб магIишат

КОЛЛЕ́КТОР *м* коллектор (1 *цогидал рахъазда жанисан бачIунеб лъамалъи яги газ цо бакIалде бачине бахъараб гIебаб рахъ яги труба; 2 жанисан трубаби яги кабель лъезе ракьулъан бахъараб рахъ*)

КОЛЛЕКЦИОНЕ́Р *м* коллекционер (*коллекция бакIарулев чи*)

КОЛЛЕКЦИОНИ́ РОВАТЬ *несов. что* коллекция гьабизе; **~ кни́ги** тIахьазул коллекция гьабизе

КОЛЛЕ́КЦИЯ *ж* коллекция *(цого тайпаялъул къайи-къоно, тIагIалаби ва гь.ц. бакIарун данде гьаби*); **~ почто́вых ма́рок** почалъул маркабазул коллекция

КОЛЛО́КВИУМ *м* коллоквиум (1 *студенталгун мугIалимасул, гьезул лъай борхиялъе гIоло, гара-чIвари; 2 гIелмияб данделъи*)

КОЛОБО́К *м* гурга

КОЛОВОРО́Т *м* рочохен

КОЛО́ДА[1] *ж* 1) (*обрубок бревна*) хIехь; герен 2) (*для водопоя* и т.д.) раса (*гIанлъун гьабураб*) 3) *перен. прост. (о человеке)* хIехь

КОЛО́ДА[2] *ж карт.* хIалел кагътазул комплект (*тIубараб къадар*)

КОЛО́ДЕЗН//ЫЙ, -ая, -ое гъуялъул(аб); **~ая вода́** гъуялъул лъим

КОЛО́ДЕЦ *м* гъуй

КОЛО́ДК//А *ж* 1) (*сапожная*) куц 2) (*основа инструмента*) черх *(цIулалаб бутIа: сургуялъул, щеткаялъул)* 3) *разг. (полоска орденской ленты*) орденазул, медалазул лентаби тIад ккураб металлалъул чIедераб чIоло 4) *мн.* и *ист.* хIухьдул (*жанир тIамуразул хIатIалги гьоркьоре ккезарун, рахалел)*

КО́ЛОКОЛ *м* цIумур (*кIудияб*)

КОЛОКО́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое цIурмил(аб); **~ звон** цIурмил зваргъи

КОЛОКО́ЛЬН//Я *ж* килисаялъул цIурмал ругеб си ◊ **смотре́ть со свое́й ~и** жиндирго роцада гIадамал рорцине

КОЛОКО́ЛЬЧИК *м* 1) гьитIинаб цIумур 2) *бот.* цIункIулукIал (*тIегь*)

КОЛОНИАЛИ́ЗМ *м* колониализм (*бечедал пачалихъаз нахъе ккарал улкабазда политикияб, экономикияб ва рухIияб квершел гьаби*)

КОЛОНИА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое колониялъун кколеб; колониял ругеб; **~ые стра́ны** колониялъун кколел улкаби

КОЛО́НИЯ *ж* колония (1 *цойги хIукуматалъул квершаликь бугеб улка; 2 цойги хIукуматалдаса гочун рачIараз цадахъ гIумру гьабулеб бакI; 3 цого хIукуматалда жанир чияр росулъ яги шагьаралда цадахъ гIумру гьабулел цо бакIалдаса гIадамал; 4 цо мурадалъе гIоло, цо бакIалде ракIарун, гIумру гьабулел гIадамал*)

КОЛО́Н//КА *ж* 1) *уменьш. от* **колóнна** 2) колонка (*цоцада тIаса-гьоркьа хъварал тарихал* 3) къали (*лъим, газ, бензин яги цоги жо жанисан биччазе хIалтIизабулеб алат*) 4) (*столбец*) хIуби, колонка; **газе́та в пять ~ок** щуго колонка жаниб бугеб газета

КОЛО́ННА *ж* 1) *архит.* хIуби (*берцинго къачIараб, жанисан мина ккевезе гьабураб*) 2) колонна (*цоцада нахъа рагъухъаби рахъун чIараб аскаралъул гIуцIи, гьединго цогидал гIадамазулги*); **~ демонстра́нтов** демонстрациялда ругезул колонна

КОЛОННА́ДА *ж архит.* колоннада, колоннабазул кьер

КОЛО́ННЫЙ, -ая, -ое колоннаялъул(аб), колоннаби ругеб; **~ зал** колоннаби ругеб зал

КОЛОРИ́Т *м* 1) *жив.* колорит, хаслъи; **~ эпо́хи в истори́ческом рома́не** тарихияб романалда жаниб бихьизабулеб заманалъул хаслъи

КО́ЛОС *м* тIор; **спе́лые коло́сья пшени́цы** ролъул цIубарал тIорал

КОЛОСИ́ СТ//ЫЙ, -ая, -ое тIор гьарзояб; **~ая пшени́ца** тIор гьарзояб ролъ, чIахIияб тIор бугеб ролъ

КОЛОСИ́ТЬСЯ *несов.* тIор базе; **хлеба́ на́чали ~** ролъуда тIор базе байбихьун буго

КОЛОСОВЫ́ //Е *мн. бот.* тIор балел, тIоролал; **убо́рка ~х** тIор балезул (тIоролазул) бачIин бакIари

КОЛОССА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое цIакъ кIудияб, гIемераб; **~ый дом** цIакъ кIудияб мина; **~ые успе́хи** цIакъ кIудиял бергьенлъаби

КОЛОТИ́ ТЬ *несов.* 1) *что, по чему, во что (стучать)* бухизе; **~ в дверь** нуцIа бухизе 2) *кого разг. (бить)* кьабизе, вухизе, хIур кIутIизе 3) *что разг.* (*разбивать*) гъуризе, чухIизе; **~ посу́ду** цIарагI гъуризе

КОЛОТИ́ТЬСЯ *несов.* 1) (*биться*) кьабизе; **се́рдце коло́тится** ракI кьабулеб буго 2) *разг.* тенкезабизе, кьабезабизе, бухизе; **~ голово́й об сте́ну** бетIер къадалъ кьабезабизе, ботIроца къед бухизе

КОЛОТУ́Ш//КА *ж* 1) (*деревянный молоток*) цIулал квартIа 2) *разг. (удар)* зар бай, зар кьаби

КО́ЛОТ//ЫЙ[1], -ая, -ое (*причиненный колющим оружием*) хъвахьан къазабураб, лъураб, чIвараб; **~ая ра́на** хъвахъан къазабун лъураб ругъун

КО́ЛОТЫЙ[2]**,** -ая, -ое гъурараб, кескал гьаруараб; **~ са́хар** гъурараб чакар

КОЛО́ТЬ[1] *несов.* 1) *кого-что (иголкой и т.п.)* хIунчизе, басине, къазабизе; **~ штыко́м** хеч къазабизе 2) *безл.* хIунсизе; **у меня́ в боку́ ко́лет** дир хьибилалда хIунсулеб буго 3) *кого (убивать, напр. скот*) чIвазе; **~ свине́й** болъонал чIвазе (*нус кьабун*)

КОЛО́ТЬ[2] *несов. что* бичIизе, хъвалхьине, бекизе, гъуризе; **~ дрова́** цIул бичIизе; **~ оре́хи** цIулакьо бекизе

КОЛО́ТЬСЯ[1] *несов.* (*причинять уколы*) хIунчизе, хIенчезе, хIунсизе, хIенсезе; **була́вка ко́лется** кIичIвалеб рукIкIен хIенчолеб буго

КОЛО́ТЬСЯ[2] *несов. (поддаваться колке*) бичIун (*хъвалхьун, бекун, гъурун*) бачIине; **са́хар хорошо́ ко́лется** чакар лъикI (бигьаго) гъурун бачIунеб буго

КОЛПА́К *м* 1) (*покрышка*) тIалъел; **~ ла́мпы** чирахъалъул тIалъел 2) (*головной убор*) тIогъ бегIераб тIагъур, колпак; **шутовско́й ~** махсарачиясул тIагъур

КОЛУ́ Н *м* цIул хъвалхьунеб гIащтIи

КОЛХО́З *м* колхоз

КОЛХО́ЗНИК *м* колхозчи

КОЛХО́ЗНИЦА *ж* колхозчIужу

КОЛХО́ЗНЫЙ, -ая, -ое колхозалъул(аб); **~ ры́нок** колхозалъул базар, колхозбазар

КОЛЧА́Н *м* (*газаргъодул*) чIорал лъолеб къвачIа

КОЛЫБЕ́ЛЬ//Ь *ж* 1) кини; **ребёнок лежи́т в ~и** лъимер кинида (бегун) лъун буго 2) *перен. высок.* ватIан; **Москва́ – ~ ру́сской культу́ры** Москва гIурусазул культураялъул ватIан буго

КОЛЫБЕ́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое кинидул(аб); **~ая пе́сня** кинидахъкечI

КОЛЫМА́ГА *ж* 1) *уст.* колымага (*некIсияб тIад бараб ункъберилаб гьоко*) 2) *прост.* басрияб (хвеялде ккараб) машина

КОЛЫХА́НИЕ *с* 1) (*по гл.* **колыха́ть**) хъвагIезаби, гьелчезаби, багъа-бачаризаби 2) (*по гл.* **колыха́ться**) хъвагIей, гьелчей; шуршуди, багъа-бачари

КОЛЫХА́ТЬ *несов. что* хъвагIезабизе, гьелчезабизе; шуршудизабизе, багъа-бачаризабизе; **ве́тер колы́шет занаве́ску** гьороца гордабигъ (пардав) багъа-бачаризабулеб буго

КОЛЫХА́ТЬСЯ *несов.* хъвагIезе, гьелчезе; шуршудизе, багъа-бачаризе

КОЛЬ *союз. уст.*: **~ ско́ро** 1) -ни; **но ~ ско́ро его́ посла́ли** гьев витIун ватани 2) -го; **~ ско́ро он придёт, пусть зайдёт ко мне** гьев вачIаравго, дихъе ваккеян абе

КОЛЬНУ́ ТЬ 1) *однокр. к* **коло́ть**[1] I, 2; 2) *перен. (сказать колкость)* хъинтIизе(хъинтIулеб рагIи абизе)

КОЛЬЦЕВА́НИЕ *с* (*по гл.* **кольцева́ть**) 1) (*птиц*) горал ххей 2) (*деревьев*) гъутIбузда маххул кварил горал тIами

КОЛЬЦЕВА́ТЬ *несов.* 1) *кого-что (птиц)* горал ххезе 2) *что (деревьев)* горал тIамизе (*маххул кварил*)

КОЛЬЦЕВ//О́Й, ая, -ое 1) баргъичалъул(аб), буртIиналъул(аб) 2) гор сверараб, свери гьабураб; **~а́я автостра́да** гор сверараб шагьра нух

КОЛЬЦЕОБРА́ЗНЫЙ, -ая, -ое 1) баргъич гIадаб, буртIин гIадаб 2) свери ккараб

КОЛЬЦО́ *с* 1) гор; **~ для ноше́ния ключе́й** кIулазда ххолеб гор2) **обруча́льное** ~ магьари лъолелъул ххолеб баргъич 3) ругIел; **годи́чное ~ на де́реве** гьотIода лъагIалил ругIел 4) (*маршрут метро, автобуса*) горсвери 5) *перен.:* **~ блока́ды** кисанго сверун ккун чIезари (чIезарураб гор)

КО́ЛЬЧАТ//ЫЙ, -ая, -ое горазул гьабураб; **~ая цепь** горазул гьабураб рахас ◊ **~ые че́рви** *зоол.* горахарал хIупрул (хIапараби), гурун рукIунел хIапараби

КОЛЬЧУ́ГА *ж ист.* къолден

КОЛЮ́Ч//ИЙ, -ая, -ое 1) (*с колючками*) зазил цIураб, зазал ругеб; **~ая про́волока** маххул зазал ругеб квар 2) (*колющийся*) хIунчулеб, хIенчолеб; **~ая борода́** хIенчолеб мегеж 3) *перен.* хIунсулеб; **~ее сло́во** хIунсулеб рагIи

КОЛЮ́ЧКА *ж* заз

КО́ЛЮЩ//ИЙ, -ая, -ее 1) хIунсулеб; **~ая боль** хIунсулеб унти 2) къазабулеб, тункулеб; **~ее ору́жие** къазабулеб ярагъ

КОЛЯ́СКА *ж* 1) (*экипаж*) (гIадамал рекIунеб) чолгъоко 2) (*детская*) лъималазул гьоко 3) (*мотоцикла*) коляска

КОМ[1] *м* гIерекъ, къай, горо; **~ья гря́зи** хIарщул къаял ◊ **~ в го́рле застря́л** (*стоит*) щокъроб горо къан (чIун) буго

КОМ[2] *предл. п. от* **кто**; **о ~ вы говори́те?** лъил хIакъалъулъ нужеца бицунеб бугеб?

КОМА́НД//А *ж* 1) буюрухъ; **пода́ть ~у** буюрухъ кьезе 2) команда (*рагъухъабазул гьитIинабго къокъа*); **с нами шли со́тни три солда́т под ~ой офице́ра** нижеда цадахъ офицерасул командаялда гъоркь унев вукIана лъабнусгогIанасев солдат 3) *мор.* команда (*гамида тIад хIалтIулевщинав чи*) 4) *спорт.* команда (*капитанасул нухмалъиялда гъоркь хIай гьабулел спортсменазул къокъа*); **~а росси́йских шахмати́стов** Россиялъул шахматистазул къокъа

КОМАНДИ́Р *м* командир, бетIер, цевехъан; **~ полка́** полкалъул командир

КОМАНДИРОВА́ТЬ *сов. и несов. кого* командировкаялъ витIизе (*хъулухъалъулаб тIадкъайгун витIизе*)

КОМАНДИРО́ВК//А *ж* 1) командировка; **пое́хать в ~у** командировкаялъ ине 2) *разг. (удостоверение*) командировка; **предъяви́ть свою́ ~у** жиндирго командировка бихьизе

КОМАНДИРО́ВОЧН//ЫЙ, -ая, -ое **1.** командирокаялъул(аб); **~ое удостовере́ние** командировкаялъул удостоверение **2.** *в знач. сущ.* **~ый** *м* командировкаялъ витIарав **3.** *в знач. сущ.* **~ые** *мн.* командировкаялъ аралъухъ кьолеб гIарац

КОМА́НДН//ЫЙ, -ая, -ое 1) командирзабазул(аб); **~ ый соста́в** командирзабазул состав (командирзаби) 2) нухмалъи гьабулеб, бетIерлъи гьабулеб; **заня́ть ~ое положе́ние** бетIер-лъиялъулаб даражялде вахине 3) *спорт.* командаялъул(аб); **~ые соревнова́ния** командабазда гьоркьор къецал, командабазул къецал

КОМА́НДОВАНИЕ *с* **1.** (*по гл.* **кома́ндовать**) командаби кьей **2.** *собир. воен.* командование (*аскаралъул бутIрузул къокъа*); **верхо́вное ~** бетIераб командование

КОМА́НДОВАТЬ *несов.* 1) (*отдавать команду*) команда кьезе 2) *кем-чем* бетIерлъи гьабизе; **~ пара́дом** парадалъе бетIерлъи гьабизе 3) *кем-чем, над кем-чем и без доп. перен.* бе-тIерлъи гьабизе, цевехъанлъи гьабизе, хIакимлъи гьабизе; **не дал ему́ над собо́й ~** жиндаго тIад бетIерлъи гьабизе течIо гьесие

КОМА́НДУЮЩИЙ *м* командующий (*цIикIкIараб къадаралъул аскаралъул бетIер*)

КОМА́Р *м* кIкIара; **маляри́йный** ~ бакъул унти ккезабулеб кIкIара ◊ **~ но́са не подто́чит** гIайиб чIвазе бакI гьечIо

КОМАРИ́НЫЙ, -ая, -ое кIкIарадул(аб); **~ уку́с** кIкIараялъул хIанчIи (хIанчIараб бакI)

КОМБА́ЙН *м* комбайн (*чанго батIияб хIалтIи цадахъ гьабулел алатаздасан гIуцIараб машина*)

КОМБАЙНЁР *м* комбайнер (*комбайналда хIалтIулев чи*)

КОМБИКО́РМ *м* комбикорм (*батIи-батIиял хурдул жураб кIалцIи*)

КОМБИНА́Т *м* 1) комбинат (*чанго предприятие данде гьабун гIуцIараб цолъи*); **~ бытово́го обслу́живания** рукIа-рахъиналъе хъулухъ гьабулеб комбинат 2) комбинат (*заводалда, цойги предприятиялда цере ругел цIалул заведенияби данде гьарураб цолъи*); **учёбный ~** цIалул комбинат

КОМБИНА́ЦИ//Я *ж* 1) комбинация (*щиб бугониги цоцалъ жубазаби, рекъезаби, данде ккезаби*); **~ кра́сок** релъабазул комбинация 2) (*сложный за́мысел*) комбинация (*хасаб мурадалде щвеялъе гьарулел хIиллаби, сихIраби*); **стро́ить хи́трую ~ю** сихIирал хIиллаби ургъизе 3) (*женское бельё*) комбинация (*ручабазул халатаб гъоркьанретIел*) 4) *спорт.* комбинация (*цоцада хадур хасаб мурадгун хIаязда жанир гьарулел ишал*)

КОМБИНЕЗО́Н *м* комбинезон *(тIажуги гурдеги рекIараб ретIунеб жо, костюм*)

КОМБИНИ́РОВАННЫЙ, -ая, -ое цоцалъ жубараб, рекъараб, данде ккараб

КОМБИНИ́РОВАТЬ *несов. что и без доп. (сочетать)* цоцалъ жубазабизе, рекъезабизе, данде ккезабизе, хасаб тартибалда лъезе; **~ разли́чные цветы́ для буке́та** батIи-батIиял тIугьдул лъун, квацIиялда рекъезабизе 2) *что (соединять в комбинат*) цолъизабизе, комбинат гIуцIизе 3) *разг. (строить комбинации)* сихIирго хIиллаби ургъизе

КОМЕ́ДИ//Я *ж* 1) комедия (*кепаб магIнаялъул драматургияб асар*) 2) кополаб лъугьа-бахъин 3) (*притворство*) ххвел гьаби, махсараде ккевей ◊ **разыгра́ть ~ю** ххвелал гьаризе, махсараде ккевезе

КОМЕНДА́НТ *м* комендант (1 *хъалаялда ругел киналго аскаразул бетIер;* 2 *рагъухъабазул хьвада-чIвадиялда, хъулухъ гьабиялда, гIадлуялда хадуб хал кколев бетIер;* 3 *нухда ругел аскарал рекIун, тартибалда иналъул хал кколев чи;* 4 *кинаб бугониги учрежденияльул (идараялъул) минаялда хадуб хал кколев, гьелъул тIалаб гьабулев чи*)

КОМЕНДА́НТСКИЙ, -ая, -ое: **~ час** командантасул сагIат (заман)

КОМЕНДАТУ́РА *ж* комендатура (*комендантас бетIерлъи гьабулеб учреждение ва гьелъул мина*)

КОМЕ́ТА *ж* бакъуда сверун тирулеб халатаб рачIги бугеб цIва

КО́МИ *м, ж, мн. нескл.* коми халкъ; *в знач. прил.* коми; **язы́к ~** коми мацI

КОМИ́ ЗМ *м* релъанхъи, кеп щвей; **расска́з не лишён ~а** хабар кеп щоледухъ хъван буго, хабар кепаб буго

КО́МИК *м* 1) (*актер*) кепал ролал хIалев артист 2) (*шутник*) махсарачи

КОМИССА́Р *м* комиссар; **наро́дный ~** халкъияв комиссар (*хIукуматалъ цIикIкIарал ихтиярал кьурав чи*)

КОМИССАРИА́Т *м* комиссариат (*комиссарас бетIерлъи гьабулеб учреждение*)

КОМИССИОНЕ́Р *м* комиссионер *(дармил ишазда жанив гьоркьохъан),* дармил гьоркьохъан

КОМИССИО́ННЫЙ, -ая, -ое **1.** комиссиялъул(аб); **~ый магази́н** комиссиялъулаб тукен **2.** *в знач. сущ.* **~ые** *мн. (деньги)* комиссиялъулаб гIарац (*комиссиялъухъ щвараб гIарац*)

КОМИ́ССИ//Я *ж* 1) (*орган*) комиссия; **избра́ть ~ю** комиссия бищизе; **госуда́рственная пла́новая ~я** пачалихъалъул планазулаб комиссия 2) комиссия (*хасал тукабаз гIадамазул къайи бичIиялъулъ гьабулеб гьоркьохъанлъи*); **брать ве́щи на ~ю** къайи комиссиялде босизе

КОМИТЕ́Т *м* комитет (*хасаб хIалтIи гьабизе бищараб орган*); **парти́йный** ~ партиялъул комитет

КОМИ́ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое 1) *театр.* кепаб; **~ая роль** кепаб роль; 2) (*смешной*) махсараялъул(аб), кепаб, жинда гIадамал релъанхъулеб; **~ий слу́чай** кепаб лъугьа-бахъин

КОМИ́ЧНЫЙ, -ая, -ое *см.* **коми́ческий** 2)

КО́МКАТЬ *несов. что* 1) (*мять)* кIвекIизе, букIкI-букIкIинабизе; **~ бельё** бусен-къайи букIкI-букIкIинабизе; 2) *перен. разг.*

тIаса-масаго (мухIканлъи гьечIого) гьабизе, тартиб хвезабизе; ~ **рассказ** хабар тартиб хвезабун, къокъ гьабун бицине

КОМКОВА́Т//ЫЙ, -ая, -ое гIерекъккараб; **~ая по́чва** гIерекъккараб ракь

КОММЕНТА́РИ//Й *м* 1) комментарий (*текстaлъе кьолеб баян*) 2) *мн.* **~и** (*рассуждения*) комментариял (*сундулниги хIакъалъулъ пикраби, бадирчIваял*) ◊ **~и излия́шни** гьадинги бичIчIула

КОММЕНТА́ТОР *м* комментатор (*комментариял гьарулев чи*)

КОММЕНТИ́РОВАТЬ *сов. и несов. что* баян кьезе, бичIчIизабизе, магIна гьабизе

КОММЕРСА́НТ *м* коммерсант, цIикIкIараб бича-хисиялъул базарган

КОММЕ́РЦИЯ *ж* коммерция, даран-базар

КОММЕ́РЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое даран-базаралъул(аб); **~ое предприя́тие** даран-базаралъул предприятие; **~ие це́ны** даран-базаралъулал багьаби

КОММИВОЯЖЁР *м* коммивояжёр (*цIияб биччараб къайи-къоноги босун, къотIаби хъвазе хьвадулев фирмаялъул хIалтIу-хъан*)

КОММУ́НА *ж* коммуна (*гIахьалаб буголъигун цадахъ хIалтIизе ва гIумру гьабизе данделъарал гIадамал*); **трудова́я ~** хIалтIухъабазул коммуна

КОММУНА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое коммуналияб; **~ое хозя́йство** коммуналияб магIишат; **~ые услу́ги** коммуналиял хъулхъал (*лъим, канлъи ва гь.ц.*) ◊ **~ая кварти́ра** коммуналияб квартира (*чанго хъизаналъ гIумру гьабулеб квартира*)

КОММУНИ́ЗМ *м* коммунизм

КОММУНИКА́БЕЛЬН//ОСТЬ *ж* хехго гьорлъ воси

КОММУНИКАТИ́ВНЫЙ, -ая, -ое *лингв.* хурхен гьабия-лъул(аб), бухьеналъул(аб)

КОММУНИКАЦИО́НН//ЫЙ, -ая, -ое бухьеналъул(аб); **~ая ли́ния** бухьеналъул линия, мухъ

КОММУНИКА́ЦИ//Я *ж* 1) бухьен; **перере́зать ~и** бухьен хвезабизе 2) *лингв.* хурхен гьаби, бухьен гьаби

КОММУНИ́СТ *м* коммунист

КОММУНИСТИЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое коммунистияб; **~ая па́ртия** коммунистияб партия

КОММУНИ́СТКА *ж* коммунистка

КОММУТА́ТОР *м* коммутатор (1 *ток биччазе, къотIизабизе, батIияб рахъалде рехизе бугеб гIуцIи;* 2 *телефонал цолъизаризе хIалтIизабулеб аппарат*)

КОММЮНИКЕ́ *с нескл.* коммюнике (*хIукуматалъул лъазаби; гIемерисеб мехалъ – халкъазда гьоркьосел суалазда тIасан*)

КО́МНАТА *ж* рукъ; **кварти́ра из трёх ко́мнат** лъабго рукъ бугеб квартира

КО́МНАТН//ЫЙ, -ая, -ое 1) рукъалъул; **~ая дверь** рукъалъул нуцIа 2) (*находящийся в комнате)* рокъоб бугеб, рукъалъул(аб); **~ые цветы́** рукъалъул тIугьдул ◊ **~ая температу́ра** рокъоб бугеб хинлъи-цIорой

КОМО́Д *м* комод (*бусен-къайи, гIисинаб къайи-къоно лъолеб хъурщаби ругеб тIуцаб шкаф*)

КОМО́К *м* горо, гIерекъ, гIомо-горо, къай ◊ ~ **в го́рле засти́л** шокъроб горо къан буго

КОМО́Л//ЫЙ, -ая, -ое гьвалияб; **~ая коро́ва** гьвалияб гIака

КОМПА́КТН//ЫЙ, -ая, -ое гъункараб, гIемераб бакI ккола-реб; **~ шрифт** гIисинаб, гъункараб шрифт

КОМПАНЕ́ЙСК//ИЙ, -ая, -ое *разг.* гьорлъ восарав, ракI жубарав; **~ий челове́к** гьорлъ васарав чи ◊ **на ~их нача́лах** киналго гIахьалчагIазе цого ихтияралгун

КОМПА́НИ//Я *ж* 1) (*общество*) компания (*цадахъ заман инабулел яги сундуениги гIоло данделъарал гIадамал*); **пойти́ все́й ~ей** киналго цадахъ ине; **соста́вьте мне ~ю** дида цадахъ вукIа (вилълъа) 2) (*торговое или промышленное объединение предприятий*) компания (*дармилаб яги промышленнияб цолъи*)

КОМПАНЬО́Н *м* 1) (*сотоварищ*) къайицадахъ; **я нашёл себе́ ~а для охо́ты** чанаве вилълъине къайицадахъ щвана дие 2) (*в торговом предприятии*) бутIадулав, гIахьалчи

КОМПАНЬО́НКА *ж* 1) къайицадахъ 2) бутIадулай

КОМПА́РТИЯ *ж (коммунистическая партия)* коммунист партия (*коммунистияб партия*)

КО́МПАС *м* къирбал, компас, къиблама

КО́МПАСН//ЫЙ, -ая, -ое къирбалалъул(аб); **~ая стре́лка** къирбалалъул хъаравул

КОМПЕНСА́ЦИЯ *ж* 1) хIакъ кьей, рецIел; **де́нежная ~ за повыше́ние цен** багьаби хиралъиялдалъун бецIун кьолеб гIарац 2) *мед.* компенсация (*унтуца лъугьинабураб санагIалъи гьечIолъи тIагIинаби*)

КОМПЕНСИ́РОВАТЬ *сов. и несов что* бецIизе, хIакъ кьезе; **~ убы́тки** зарал бецIизе

КОМПЕТЕ́НТНОСТЬ *ж* 1) (*осведомленность*) *щибниги жо* щвалде щун лъай 2) (*полномочия*) ихтиярал ругевлъун вукIин (*бугеблъун букIин–учреждение*); **~ суда́** судалъул ихтияр

КОМПИЛИ́РОВАТЬ *несов.* компиляция гьабизе

КОМПИЛЯ́ЦИЯ *ж* компиляция (*чияр хIалтIабаздаса киналго баяналги росун, хIалтIи хъвай ва жибго гьедин хъвараб хIалтIи*)

КО́МПЛЕКС *м* комплекс; (*цойиде росарал, ракIарарал предметал, ишал, лъугьа-бахъинал*); ~ **мероприя́тий** ишазул комплекс; **хими́ческий промы́шленный ~** химиялъул промышленнияб комплекс; **овцево́дческий** ~ гIияхъанлъиялъул комплекс; **вое́нно-промы́шленный ~** рагъулгун промышленнияб комплекс

КО́МПЛЕКСН//ЫЙ, -ая, -ое комплексалъул(аб), комплексияб; **~ая брига́да** комплексияб бригада(батIи-батIиял махщалилаздасан гIуцIараб бригада)

КОМПЛЕ́КТ *м* 1) комплект (*предметазул данде ракIарун гьабураб тIубараб гIуцIи*); ~ **белья́** гъоркьан ратIлил комплект 2) комплект (*сундуениги къваригIунел гIадамазул бищун цIикIкIун бегьулеб къадар*); **до по́лного ~а не хвата́ет двух челове́к** тIубараб комплекталъе кIиго чи гIолев гьечIо

КОМПЛЕКС//ОВА́ТЬ *несов.* кидаго рекIелчIей гьечIого вукIине, кидаго нечон-хIинкъун вукIине

КОМПЛЕКТОВА́НИЕ *с* (*по гл.* **комплектова́ть**) данде гьаби, ракIари, хьезаби; ~ **школ учителя́ми** школал учительзабаздалъун хьезари

КОМПЛЕКТОВА́ТЬ *несов. что* данде гьабизе; ракIаризе, хьезабизе; ~ **библиоте́ку** библиотека данде гьабизе, (*тIахьаздалъун*) хьезабизе

КОМПЛЕ́КЦИЯ *ж* къаркъала, чорхол куц; **ту́чная ~** цIураб, кьарияб къаркъала

КОМПЛИМЕ́НТ *м* рецц-бакъалъул рагIи, бахьараб рагIи; **сказа́ть ~** *кому-л. лъиденги* рецц-бакъалъул рагIи рехизе (абизе)

КОМПЛИМЕНТА́РН//ЫЙ, -ая, -ое рецц-бакъ жиндилъ бугеб; **~ая оце́нка** рецц-бакъ жиндилъ бугеб къимат

КОМПОЗИ́ТОР *м* композитор (*музыкалиял асарал хъвалев чи)*

КОМПОЗИ́ТОРСКИЙ, -ая, -ое композиторасул(аб); ~ **тала́нт** композиторасул гьунар, махшел

КОМПОЗИЦИО́ННЫЙ, -ая, -ое композицияб

КОМПОЗИ́ЦИЯ *ж* композиция (1 *музыкалиял асарал хъваялъул теория*; 2 *литературияб асаралъул гIуцIи, бутIаби лъураб къагIида, гьезул гьоркьобльи…*)

КОМПОНЕ́НТ *м сундулниги* бутIа

КОМПОНОВА́ТЬ *несов. что* бутIаби данде гьарун, цо тIубараб жо лъугьинабизе

КОМПО́СТ *м с.-х.* компост (*туриги ракьги жубан лъугьараб удобрение*)

КОМПО́СТЕР *м* компостер (*транспорталда рекIиналъе ругел белтазда гIаламатал гьарулеб алат*)

КОМПОСТИ́РОВАТЬ *несов. что* компостералдалъун ишара лъезе, гIуж базе

КОМПОТ *м* компот

КОМПРЕ́СС *м мед.* компресс (*лъадаца ялъуни даруялъ биччизабураб жо унтараб бакIалда тIад лъей*); **согрева́ющий ~** хинлъизабулеб компресс; **холо́дный ~** цIорозабулеб компресс

КОМПРЕ́ССН//ЫЙ, -ая, -ое компрессалъул(аб); **~ая бума́га** компрессалъе хIалтIизабулеб кагъат

КОМПРЕ́ССОР *м* компрессор (*гьава ялъуни газ кIудияб тIадецуялда кьабулеб машина*)

КОМПРОМЕТИ́РОВАТЬ *несов. кого-что* гIайиб гIунтIизабизе, квешаб цIар чIвазе, зарар ургъизе

КОМПРОМИ́СС *м* маслихIат, кIиябго рахъ разилъи, рекъел гьаби, къотIи ккей; **пойти́ на ~** маслихIат гьабизе, ргIи данде ккезе

КОМПРОМИ́ССН//ЫЙ, -ая, -ое маслихIатияб, маслихIаталъул(аб); **~ое реше́ние** маслихIатияб хIукму

КОМПЬЮ́ТЕР *м* компьютер *(электронияб хIисаб-суалалъулаб машина)*

КОМСОМО́Л *м* комсомол *(гIолилазул коммунистикияб союз*)

КОМСОМО́ЛЕЦ *м* комсомолав, комсомолец

КОМСОМО́ЛКА *ж* комсомолай, комсомолка

КОМСОМО́ЛЬСКИЙ, -ая,-ое комсомолалда хурхараб, комсомолазул(аб); **~ биле́т** комсомол билет

КОМСО́РГ *м (комсомольский организатор*) комсорг (*комсомолалъул гIуцIарухъан*)

КОМСОСТА́В *м (командный состав*) командиразул къокъа; **~ полка́** полкалъул командиразул къокъа,полкалъул командирзаби

КОМФО́РТ *м* санагIалъи, квегIенлъи, рахIат; **устро́иться с по́лным ~ом** тIубараб санагIалъиялда парахалъизе

КОМФОРТА́БЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое санагIатаб, квегIенаб, рахIатаб; **~ая гости́ница** санагIатаб гостиница

КОН *м* кон (1 *цо-цо хIаязда хIалеб бакI бихьизабулеб мухъ, хIучч; 2 хIаялъул цо свери*) ◊ **поста́вить на ~** кIудияб хIин-къиялде ккезабизе (*гIумру*)

КОНВЕ́ЙЕР *м* конвейер (1 *гьарулел тIагIалаби цоги ба-кIалде раччулеб машина; 2 сверулеб къайи-къоно баччулеб лента*)

КОНВЕ́ЙЕРН//ЫЙ, -ая, -ое конвейералъул(аб); **~ая систе́ма** конвейералъулаб къагIида

КОНВЕ́НЦИЯ *ж* конвенция (*хасаб суалалда тIасан хIукуматазул къотIи, разилъи*); **железнодоро́жная ~** маххул нухлул хIакъалъулъ конвенция

КОНВЕ́РТ *м* 1) конверт, бухча 2) (*для ребенка*) конверт (*бухча гIадаб лъимадуе гьабураб одеяло*)

КОНВОИ́ Р *м* конвоир (*ккурав яги жанив тIамурав чи дове-гьаниве вачунев хъаравул*)

КОНВОИ́ РОВАТЬ *несов. кого-что* конвойлъи гьабизе

КОНВО́Й *м* конвой (1 *щивниги цIунизе яги тIуризе виччачIого вукIине цадахъ унеб къокъа, яргъид гIуцIарал гIадамал; 2 къайи-къоно баччулел яги дармил гуми цIунизе цадахъ унел гуми яги самолетал*)

КОНВО́ЙНЫЙ, -ая, -ое **1.** конвоялъул(аб) **2.** *в знач. сущ. ~ м* конвоир (хъаравул)

КОНГРЕ́СС *м* 1) конгресс (*гIемер чи гIахьаллъараб данделъи яги съезд, гIемерисеб мехалъ - халкъазда гьоркьосеб*); **всеми ́рный ~ сторо́нников ми́ра** дунялалъулго рекъел цIунулезул конгресс 2) Конгресс (*Американдя во цогидалги пачалихъазда законал рахъулеб орган (парламент)*

КОНГРЕССМЕ́Н *м* Конгрессалъул член

КОНДЕНСА́ТОР *м* конденсатор (1 *электрикалъул ток данде гьабулеб алат; 2 хIалтIизабураб хIухьел лъеде буссинабулеб алат*)

КОНДЕНСАЦИО́ННН//ЫЙ, -ая, -ое конденсациялъул(аб), конденсациялда хурхараб; **~ая устано́вка** конденсациялъулаб установка (машина)

КОНДЕНСА́ЦИЯ *ж* **1.** (*по гл.* **конденси́ровать**) 1) данде гьаби 2) бакъвалъизаби 3) лъеде сверизаби **2**. (*по гл.* **конденси́ роваться**) 1) данделъи, 2) бакъвалъи, 3) лъеде свери

КОНДЕНСИ́РОВАТЬ *сов. и несов. что* 1) (*сгустить*) бакъвалъизабизе; **~ молоко́** рахь бакъвалъизабизе 2) (*превратиться в жидкость*) (хIухьел) лъеде сверизабизе 3) (*накопить*) данде гьабизе, бакIаризе; **~ эне́ргию** къуват бакIаризе, данде гьабизе

КОНДЕНСИ́РОВАТЬСЯ *сов. и несов.* 1) (*сгусти́ться)* бакъвалъизе 2) (*превратиться в жидкость*) лъамалъизе 3) (*накопиться – об энергии)* данделъизе, бакIаризе

КОНДИ́ ТЕР *м* кондитер (*гьуинлъи, конфетал, тортал гьарулев*)

КОНДИ́ТЕРСК//ИЙ, -ая, -ое **1.** кондитерлъиялъул(аб) (кондитерлъиялда хурхараб); **~ая фа́брика** кондитерлъиялъул фабрика; **~ие изде́лия** кондитерас гьарурал нигIматал **2.** *в знач. сущ.* **~ая** *ж* кондитераз гьабураб нигIмат бичулеб тукен

КОНДИЦИОНЕ́Р *м* кондиционер (*рокъоб хинлъи-цIорой, регьел рекъезабулеб аппарат*)

КОНДИЦИО́ННН//ЫЙ, -ая, -ое кондициялъул(аб) (*хасал тIалабазда, стандартазда данде кколеб*); **~ые това́ры** кондициялъулаб къайи

КОНДИ́ЦИ//Я *ж* кондиция (*къайи-къоноялъул, материалазул хасал тIалабазда данде ккей*); **~я зерна́** ролъул кондиция; **довести́ до ~и** букIине кколеб кондициялде (даражаялде) бахинабизе

КОНДУ́ КТОР *м* кондуктор (1 *поездалда гIадлу букIиналъе ва къайи-къоно цIуниялъе цадахъ унев чи; 2 автобусалда, троллейбусалда, трамваялда белтал ричулев, гIадлу гьабулев чи*)

КОНЕВО́Д *м* чуял гIезариялда ва гьездасан пайда босиялда тIад хIалтIулев чи

КОНЕВО́ДСТВО *с* чуял гIезари ва гьездасан пайда боси

КОНЕВО́ДЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое чуял гIезарулеб; **~ совхо́з** чуял гIезарулеб совхоз, чуязул совхоз

КОНЁК[1] *м* 1) *уменьш. от* **конь** 2) (*на крыше*) чердакалъул тIасияб мицIир ◊ **сесть на своего́ люби́ мого конька́** жиндиего бокьулеб хабар бицине (*байбихьизе*); **морско́й ~** ралъдал чу (*шахматазул чуялда релъгьараб ралъдал ччугIа)*

КОНЁК[2] *м см.* **коньки́**

КОНЕФЕ́РМА чуязул ферма

КОН//ЁЦ 1) тIогь, кIал, ргIал; **~ёц па́лки** тIилил тIогь; **~ёц верёвки** кварил кIал 2) ахир; **~ёц сло́ва** ргIул ахир 3) (*предел*) ракьан, ргIал; **~ёц стены́** къадал ракьан 4) (*смерть*) хвел, тIарамагъалъи; **безвре́менный ~ёц** ракIалдаго гьечIеб хвел; 5) (*расстояние*) ахалъи, ргIал: (*нижний*) **~ёц ау́ла** росдал ахалъи; **в о́ба ~ца́ я шёл пешко́м** кIиябго ргIалде дун лъелго ана; 6) *мор. (канат)* гама, раса бухьунеб квар; **причáльный ~ёц** бачIун чIараб гама бухьунеб квар ◊ **без ~ца́** лъугIелго гьечIого; **~ца́-кра́ю нет** ргIа-ракьанго гьечIо; **в ~це́ ~цо́в** тIарамагъадаги, ахиралдаги; **со всех ~цо́в** кисанго; **на худо́й ~ёц** кинго бегьичIони; **и ~цы в во́ду** дуда бихьа, дида ргIа; **из ~ца́ в ~ёц** тIолабго манзилалъ; **па́лка о двух ~ца́х** я лъикI, я квеш – бокьараб букIине бегьула; **своди́ть ~цы с ~ца́ми** цIакъ мискинго яшав гьабизе; **и де́ло с ~цо́м** гьалда лъугIизе тела

КОНЕ́ЧНО 1) *вводн. сл. (несомненно)* гьай-гьай; **он, ~, прав** гьай-гьай, гьов витIун вуго 2) *частица (да, разумеется)* узухъда; **вы лю́ бите му́зыку? – коне́чно!** дуе музыка бокьулищ? – узухъда (бокьула)!

КОНЕ́ЧНОС//ТИ *мн.* (*ед. ~ть ж*) хIетIе-квер, бох-ратIа; **ве́рхние ~ти** кверал; **ни́ жние ~ти** бохдул; **пере́дние ~ти** рутIби; **за́дние ~ти** бохдул

КОНЕ́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*последний*) ахирияб, ахирисеб; **~ая остано́вка трамва́я** трамваялъул ахирисеб чIолеб бакI; 2) (*завершающий, основной*) тIарамагъадисеб; **~ая цель** тIарамагъадисеб мурад ◊ **в ~ом счёте** ахир-къадги, тIарамагъадаги, ахиралдаги

КОНИ́ НА *ж* чол гьан

КОНИ́ ЧЕСКИЙ, -ая, -ое (*имеющий форму конуса*) тIогьиса бегIераб, конусалда релъгьараб

КОНКРЕТИЗА́ЦИЯ *ж* чIванкъотIизаби; **~ предложе́ний** церелъеял (*предложениял*) чIванкъотIизари

КОНКРЕТИЗИ́РОВАТЬ *сов* и *несов. что* чIванкъотIизабизе; **~ о́бщее положе́ние** гIаммаб рахъ(хIал) чIванкъотIизабизе

КОНКРЕ́ТНОСТЬ *ж* чIванкъотIи, якъинлъи

КОНКРЕ́ТН//ЫЙ, -ая, -ое чIванкъотIараб; **~ые зада́чи** чIванкъотIарал масъалаби

КОНКУРЕ́НТ *м* дандеяв, къец балев чи

КОНКУРЕ́НТКА *ж* дандеяй, къец балей гIадан

КОНКУРЕ́НТН//ЫЙ, -ая, -ое конкуренциялъул(аб), хIалуцараб, къец бараб; **~ая борьба́** хIалуцараб къец

КОНКУРЕ́НЦИ//Я къец, къеркьей (*бищун кIудиял санагIалъабазе, бигьалъабазе гIоло, бищун цIикIкIараб мухь щвеялъе гIоло магIишаталда жаниб унеб къец*) ◊ **вне ~и** данде чиго гьечIого, данде ккевезе жого гьечIого

КОНКУРИ́ РОВАТЬ *несов. с кем-чем в чем* къец базе

КО́НКУРС къец, конкурс (*бищун лъикIаб тIатинабизелъун гьабулеб къец*); **объяви́ ть ~** конкурс лъазабизе

КОНКУРСА́НТ *м* конкурсалъул гIахьалчи

КО́НКУРСН//ЫЙ, -ая, -ое конкурсалъул(аб); **~ые экза́мены** конкурсалъулал экзаменал

КО́ННИК *м* рекIарав рагъухъан, кавалерист, чотIахъан

КО́ННИЦА *ж* рекIаразул аскар

КОННОЗАВОДСКО́Й, -ая, -ое чуязул заводалъул(аб)

КОННОСПОРТИ́ ВН//ЫЙ, -ая, -ое чуязул (*чотIахъабазул*), къецазул(аб); **~ые соревнова́ния** чотIахъабазул къецал

КО́НН//ЫЙ, -ая, -ое 1) чуязул(аб), чуязе бугеб; **~ый двор** чуял рухьунеб азбар; **~ая сбру́я** чол чIоло-квара, кьили-тIенк; **~ая я́рмарка** чуял ричулеб базар 2) рекIаразул(аб); **~ая а́рмия** рекIаразул аскар 3) (*действующая с помощью лошадей*) чуязул, чол; **~ая тя́га** чода нахъа балеб гьоко *ва гь.ц.*

КОНОВА́Л *м* 1) *уст. (ветеринар)* чуязул тохтур *(цIаличIев)* 2) *разг. пренебр. (плохой врач)* лъавукъав , лъай гьечIев тохтур

КОНОВО́Д *м* (*рещтIарал рагъухъабазул*) чуязухъ балагьулев чи, мегьтар

КО́НОВЯЗЬ *ж* зодикь чуял рухьунеб хIуби; хIатIирухьен

КОНОКРА́Д *м* чуялрикь, чуязул цIогьор

КОНОПА́ТИТЬ *несов. что* кьватIи (*каратI)* бацизе (*жанибе чIорто-къехь, габанидул хокIи ва гь.ц. бугIун*)

КОНОПА́ТЫЙ, -ая, -ое *разг. (веснушчатый)* тIонтIро (тIипало) барав, тIонтIросарав; *в знач. сущ.* ~ тIонтIрос

КОНОПЛЯ́ *ж* габани

КОНОПЛЯ́Н//ЫЙ, -ая, -ое; габанидул(аб), габанихьодол(аб); **~ое ма́сло** габанихьодол нах

КОНСЕРВАТИ́ ВНОСТЬ *ж* цIияб жоялда данде чIей, цебе букIараб бецци; **~ взгля́дов** цIиял пикрабазда дандеккунгутIи

КОНСЕРВАТИ́ ВН//ЫЙ, -ая, -ое 1) цIиябщиналда данде чIараб, консервативияб; 2) *мед.* операция гьабичIого, тIубалеб

КОНСЕРВАТИ́ЗМ *м* консерватизм (*кинабго цIиябщиналда данде чIей, басриялъул рахъ кквей*)

КОНСЕРВА́ТОР *м* консерватор (1 *консервативиял пикрабазул чи; 2 консервативияб партиялъул член*)

КОНСЕРВАТО́РИЯ *ж* консерватория (*тIадегIанаб музыкалияб цIалул заведение*)

КОНСЕРВИ́РОВАНИЕ *с* (*по гл.* **консерви́ровать**) консервал гьари

КОНСЕРВИ́РОВАННЫЙ, -ая, -ое консерв гьабураб

КОНСЕРВИ́РОВАТЬ *несов. что* 1) консервал гьаризе 2) (*приостанавливать деятельность чего-л.*) *цо сундулниги* хIалтIи заманаялъ гьоркьоб къотIизабизе; **~ предприя́тие** предприятиялъул хIалтIи заманалъ гьоркьоб къотIизабизе

КОНСЕ́РВЫ *мн.* консервал; **ры́бные ~** ччугIил консервал

КОНСИ́ЛИУМ *м* консилиум (*унтарасул хIал лъазабизе, унти чIезабизе ва сах гьавулеб къагIида мухIкан гьабизе цо чанго тохтирасдасан гIуцIараб данделъи*)

КО́НСКИЙ, -ая, -ое чол, чодул; **~ во́лос** чол рас ◊ **~ щаве́ль** *бот.* жух

КОНСОЛИДА́ЦИЯ *ж* **1.** (*по гл.* **консолиди́ровать**) цолъизаби, гъункизаби; **~ сил** къуватал цолъизари **2.** (*по гл.* **консолиди́роваться**) цолъи, гъунки

КОНСОЛИДИ́РОВАТЬ *сов.* и *несов. что* 1) (*сплотить*) цолъизаризе, гъункизаризе; **~ все си́лы борцо́в за мир** рекъел цIунулезул киналго къуватал цолъизаризе 2) къокъаб заманалъулаб налъи халатаб заманалъулалде сверизабизе; **~ за́ймы** заемал рецIулеб болжал цIикIкIинабизе

КОНСОЛИДИ́РОВАТЬСЯ *сов.* и *несов.* цолъизе, гъункизе

КОНСПЕ́КТ *м* конспект (*хъвараб къокъаб хIасил*); **~ ле́кции** лекциялъул конспект

КОНСПЕКТИ́ВН//ЫЙ, -ая, -ое (*краткий*) къокъаб хIасил босараб, конспекталъулаб; **~ое изложе́ние** къокъго, гIамго хъвай

КОНСПЕКТИ́РОВАТЬ *несов. что* конспект гьабизе; **~ ле́кцию** лекциялъул конспект гьабизе

КОНСПИРАТИ́ ВНОСТЬ *ж* конспирация цIуни

КОНСПИРАТИ́ВН//ЫЙ, -ая, -ое балъгояб, бахчараб, конспирация цIунараб; **~ое собра́ние** балъгояб данделъи

КОНСПИРА́ТОР *м* конспиратор (*балъго хIалтIулев чи*)

КОНСПИРА́ЦИЯ *ж* конспирация (*балъгояб гIуцIиялъ жиндирго къасдал цIунизе гьабулеб хIалтIи, гьеб балъголъи цIуни*)

КОНСТАТА́ЦИЯ *ж* хIакъикъаталда букIин чIезаби, мухIканлъизаби

КОНСТАТИ́РОВАТЬ *сов. и несов. что* хIакъикъаталда букIин чIезабизе, мухIканлъизабизе; **~ измене́ние состоя́ния больно́го** унтарасул хIал хисараблъи чIезабизе

КОНСТИТУЦИО́НН//ЫЙ, -ая, -ое конституциялъул(аб); **~ зако́н** конституциялъулаб закон ◊ **~ая мона́рхия** парччахIасул хIакимлъиялъе конституциялъ гIурхъи чIвараб пачалихъияб гIуцIи, конституциялъулаб монархия

КОНСТИТУ́ЦИЯ *ж* 1) (*основной закон*) конституция (*пачалихъалъул аслияб закон*) 2) (*телосложение*) чорхол гIуцIи

КОНСТРУ́ИРОВАНИЕ *с* (*по гл.* **конструи́ровать**) гIуцIи, лъугьинаби, план гьаби

КОНСТРУ́ИРОВАТЬ *несов. что* гIуцIизе, лъугьинабизе, ургъун цIияб жо гьабизе; **~ маши́ну** цIияб машина гьабизе

КОНСТРУКТИ́ВН//ЫЙ, -ая, -ое 1) конструктивияб, гIуцIиялда хурхараб; **~ые осо́бенности зда́ния** мина бан бугеб къагIидаялъул хаслъаби 2) (*деловой*) *сундуениги* кьучIлъун букIине бегьулеб, ярагьунеб; **~ое предложе́ние** ярагьуneб предложение (*цебелъей*)

КОНСТРУ́КТОР *м* 1) конструктор (*цIияб конструкция гьабулев (гIуцIулев) чи*); **~ самолётов** самолетазул конструктор 2) (*детская игра*) конструктор (*лъималаз батIи-батIиял расанкIаби гьаризе данде гьарурал деталал, сундулниги бутIаби*)

КОНСТРУ́КТОРСК//ИЙ, -ая, -ое конструкторасул(аб); **~ое бюро́** конструкторасулаб бюро (*конструкциялъе бетIерлъи гьабулеб орган*)

КОНСТРУ́КЦИ//Я *ж* 1) конструкция (*сундул бугониги гIуцIи, алатазул дандеккей*); **самолёт но́вой ~и** цIияб конструкциялъул самолет 2) (*сооружение*) конструкция; **стальны́е ~и** чармил конструкцияби 3) *грамм.* конструкция (*грамматикиял бухьеназухъ балагьун, рагIабазул гьоркьорлъаби*); **синтакси́ческая ~** синтаксисияб гIуцIи

КО́НСУЛ *м* консул (*пачалихъалъул мурадал цойги пачалихъалда цере лъезе ва цIунизе гьенив тарав вакил*); **генера́льный ~** генералияв консул

КО́НСУЛЬСТВО *с* консульство (*консул бетIералда вугеб вакиллъи ва гьеб жаниб бугеб мина*); **росси́йское ~** Россиялъул консульство

КОНСУЛЬТА́НТ *м* консультант (*консультация кьолев, гьабулев чи*)

КОНСУЛЬТА́ЦИ//Я *ж* 1) консультация *(специалистаз кинаб бугониги суал гьоркьоб лъей)*; **созва́ть ~ю юри́стов** юристазул консультация ахIизе 2) консультация (*цо кинаб бугониги суалалда тIасан специалистас кьолеб баян, гьабулеб малъи*) 3) консультация (*кинал ругониги суалазе баянал кьолеб учреждение*); **де́тская ~я** лъималазул сахлъиялъул малъа-хъваял гьарулеб бакI, лъималазул консультация

КОНСУЛЬТИ́РОВАТЬ *несов. кого-что и без доп. (давать консультацию)* консультация кьезе, гьабизе

КОНСУЛЬТИ́РОВАТЬСЯ *несов. с кем-чем* консультация щвезе

КОНТА́КТ *м* 1) (*соприкосновение*) бухьен, гьоркьоблъи; **зарази́ться при ~е с больны́м** унтарасулгун бухьен букIиналдалъун унти бахине 2) (*тесное общение)* хурхен; **нала́дить ~** хурхен рукIалиде ккезабизе; **вступи́ть в ~** хурхен букIинабизе 3) *тех.* контакт (*ток бачунел кваразул рацIцIи, гьел цолъараб бакI)*

КОНТАКТИ́Р//ОВАТЬ *несов.* контакталда (хурхеналда) вукIине; **~овать с инфекцио́нными больными** рахунел унтаби ругезулгун контакталда вукIине

КОНТЕ́ЙНЕР *м* контейнер (1 *сунданиги гьорлъ жемичIого, къайи-къоно батIияб бакIалде рехизе гьабураб къали, ящикI; 2 космосалъулаб ракетаялда аппаратура жаниб лъураб къали*)

КОНТЕ́КСТ *м* контекст (*магIнаялъул рахъалъ цIвалде цIвараб текстalъул бутIа*); **поня́ть незнако́мое сло́во в ~е** контексталда жаниб лъаларе рагIул магIна бичIчIизе

КОНТИНГЕ́НТ *м* контингент (*кинаб бугониги рахъалъ цо ишалда хурхараб гIадамазул пуланаб къадар*); **но́вый ~ уча́щихся** цIалдохъабазул цIияб контингент (къукъа)

КОНТИНЕ́НТ *м (материк)* континент (*океаназ сверун ккураб кIудияб ракъдаллъи*)

КОНТИНЕНТА́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое континенталъул(аб); **~ кли́мат** континенталъулаб гьава-бакъ

КОНТО́РА *ж* контора, идара; **нотариа́льная ~** нотариалияб контора; **~ по́чты** почалъул контора

КОНТРАБА́НД//А *ж* контрабанда (*балъго, изну кьечIого, гIорхъодасан къайи боси ва гьедин босараб къайи*); **занима́ться ~ой** контрабанда гьабизе

КОНТРАБАНДИ́СТ *м* контрабандист, контрабанда гьабулев чи

КОНТРАБАНДИ́СТКА *ж* контрабандистка, контрабанда гьабулей чIужугIадан

КОНТРАБА́НДНЫЙ, -ая, -ое контрабандаялъул(аб); **~ това́р** контрабандаялъулаб къайи (*изну гьечIого бачIараб къайи*)

КОНТРАБА́С *м* контрабас (*скрипкаялда релълъараб кIудияб музыкалияб алат*)

КОНТР-АДМИРА́Л *м* контр-адмирал (*ралъдал аскаразул адмиралазда гьоркьоб бищун гьитIинаб чин*)

КОНТРА́КТ *м* къотIи, контракт; **заключи́ть ~** къотIи хъвазе; **растóргнуть ~** къотIи хвезабизе

КОНТРАКТА́ЦИЯ *ж* контрактация (1 *бихьизабураб заманалда жаниб щибниги щвеялъе яги босиялъе къотIи хъвай; 2 росдал магIишаталъул организацияз, колхозазулгун ва цогидалги организациязулгун гьабураб къотIиялда рекъон, нигIматал данде гьарулев къагIида*)

КОНТРАКТОВА́ТЬ *несов. кого-что* контрактация гьабизе; **~ урожа́й** бачIиналъул контрактация гьабизе

КОНТРА́ЛЬТО *с нескл. муз.* контральто (*бищун щвалде щвараб чIужугIаданалъул кочIол гьаракь ва гьединаб гьаракь бугей чIужугIадан*)

КОНТРАМА́РКА *ж* контрамарка (*чIобого киноялде, театралде ва гь.ц. ине изну кьолев талон*)

КОНТРА́СТ *м* цоцазе гIаксаб хасият (гIамал), кIудияб батIалъи

КОНТРАСТИ́РОВАТЬ *несов. с кем-чем* цоцазе гIаксаллъун рукIине

КОНТРА́СТНОСТЬ *ж* цоцазе гIаксал рукIин, кIудияб батIалъи букIин

КОНТРА́СТН//ЫЙ, -ая, -ое 1) цоцазе гIаксалда кколеб; **~ые цвета́** цоцазе гIаксалда кколел кьерал 2) *фото* бецIал ва канчIал кьеразда гьоркьоб кIудияб батIалъи бугеб; **~ое изображе́ние** бецIлъиялда ва канчIлъиялда гьоркьоб кIудияб батIалъи бугеб сурат

КОНТРАТА́КА *ж* контратака, гьужумалда данде гьабулеб гьужум

КОНТРАТАКОВА́ТЬ *сов. и несов. кого-что* данде гьужум гьабизе; **~ проти́вника** тIаде кIанцIулесда данде гьужум гьабизе

КОНТРИБУ́ЦИ//Я *ж* контрибуция (*бергьараб пачалихъалъ къуралдаса бахъулеб гIарцIул къадар*); **наложи́ть ~ю** контрибуция тIад лъезе

КОНТРМЕ́РА *ж сунданиги* данде гьабулеб квербагъари (иш)

КОНТРНАСТУПЛЕ́НИЕ *с* тIаде кIанцIулесда данде хIадурун гьабулеб гьужум

КОНТРОЛЁР *м* контролер (*сундулниги хал гьабулев хIалтIу-хъан*)

КОНТРОЛИ́РОВАТЬ *несов. кого-что* контроль гьабизе, хал гьабизе; **~** *чью-л.* **рабóту** *лъилниги* хIалтIуда тIад хъаравуллъи гьабизе

КОНТРО́ЛЬ *м* контроль, хал гьаби (1 *хал гьаби яги хал гьаби мурадалда хал кквей; 2 жалго хал гьабулел хIалтIухъаби, хал гьабулеб идара*) ◊ **госуда́рственный ~** пачалихъияб хъаравуллъи

КОНТРО́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое контролияб, халгьабиялъул; **~ая коми́ссия** контролияб комиссия; **~ая рабóта** контролияб хIалтIи

КОНТРРАЗВЕ́ДКА *ж* контрразведка (*дандеязул балъгоял къасдал нахъчIваялъе гьабулеб хIалтIи*)

КОНТРРАЗВЕ́ДЧИК *м* контрразведчик

КОНТРРЕВОЛЮЦИОНЕ́Р *м* контрреволюционер (*революциялда данде чIарав чи*)

КОНТРРЕВОЛЮЦИО́НН//ЫЙ, -ая, -ое контрреволюциялъул(аб), революциялда данде чIараб; **~ые организа́ции** революциялда данде чIарал организациял (гIуцIаби)

КОНТРРЕВОЛЮ́ЦИЯ *ж* контрреволюция (*революция ккезегIан ва ккун хадуб цебесеб гIумру нахъбуссинабиялъе гьабулеб букIараб къеркьей*)

КОНТРУДА́Р *м* (*тIаде кIанцIиялда данде аскаралъ гьабулеб жиндирго тIадекIанцIи*)

КО́НТР//Ы *мн. разг.: быть с кем-л.* **в ~ах** кутакалда цоцадаса рази гьечIого (дагIба-къецалда, рагIи данде кколарого) рукIине

КОНТУ́ЖЕНЫЙ, -ая, -ое **1**. контузия ккараб **2.** *в знач. сущ.* ~ контузия ккарав чи

КОНТУ́ЗИ//ТЬ *сов. кого-что* контузия ккезе; **~ в го́лову** бетIералъе контузия ккезе; **его ~ло** гъосие контузия ккана

КОНТУ́ЗИ//Я *ж* контузия (*тIасан жагъаллъиги ккечIого, жанисан черх тIетIезаби, тункизаби, агълъизаби*); **получи́ть тяжёлую ~ю** захIматаб контузия ккезе

КО́НТУР *м* рикIкIадасан бихьулеб къватIисеб сипат; **~ зда́ния** минаялъул къватIисеб сипат

КО́НТУРН//ЫЙ, -ая, -ое контуралъул(аб), контурияб; **~ая ка́рта** контурияб карта (*ракъдаллъиялъул ва лъел сипат гьабун бахъараб географиялъул карта*); **~ая ли́ния** тIутIураб, тIанкIаздалъун цIараб мухъ

КОНУРА́ *ж (собачья)* 1) рукIун (*гьойдул*), гьвелрукъ 2) *перен. разг.* цIакъ къваридаб (санагIалъи гьечIеб) рукъ

КО́НУС *м мат.* конус (*геометрияб фигура)*

КОНУСООБРА́ЗНЫЙ, -ая, -ое конусалда релълъараб

КОНФЕДЕРА́ЦИЯ *ж* конфедерация (*жамгIиял гIуцIабазул яги пачалихъазул цолъи*)

КОНФЕРАНСЬЕ́ *с* конферансье (*концерталда цере рахъунезул цIарал абулев яги цере рахъунезул номеразда гьоркьов живго цо-цо цеве вахъунев артист*)

КОНФЕРЕ́НЦ-ЗАЛ *м* конференц-зал (*кIвар бугел данделъаби тIоритIулеб зал*)

КОНФЕРЕ́НЦИЯ *ж* конференция (*хIукуматазул, гIуцIабазул, къокъабазул вакилзабазул данделъи, гIакълу дандбай*); **нау́чная ~** гIелмияб конференция

КОНФЕ́ТА *ж* конфета

КОНФЕ́ТНИЦ//А *ж* конфетал жанир лъолеб цIарагI

КОНФИДЕНЦИА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое балъгояб; **~ая бесе́да** балъгояб гара-чIвари; **~ый хара́ктер встре́чи** дандчIваялъул балъгояб къагIида (хасият)

КОНФИСКА́ЦИЯ *ж* конфискация (*пачалихъалъе пайдаялъе хIалица кодоса буголъи бахъи*), буголъи бахъи

КОНФИСКОВА́ТЬ *сов. и несов. что* конфискация гьабизе, пачалихъалъе буголъи бахъизе; **~ иму́щество** буголъи хIалица пачалихъалъе бахъизе

КОНФЛИ́КТ *м* дагIба-рагIи, дагIба, къец, тунка-гIуси; **вступи́ть в ~** *с кем-л. лъилгунниги* дагIба-рагIиялде лъугьине; **семе́йный ~** хъизаналъул дагIба-рагIи

КОНФЛИ́КТН//ЫЙ, -ая, -ое дагIба-рагIул, дагIба-рагIиялда хурхараб, къецалъул; **~ая ситуа́ция** дагIба-рагIи ккараб хIал; **~ая коми́ссия** дагIбаялда тIасан гIуцIараб комиссия

КОНФО́РКА *ж* конфорка (*газалъул печалъул хьаг тIад лъолеб бакI, гор*)

КОНФУ́ЗЗ *м разг.* нечей, лазат хвей, виххи, санагIалъи гьечIеб хIал

КОНФУ́ЗИТЬ *несов. кого-что* нечезавизе, лазат хвезабизе, санагIат гьечIеб хIалалде ккезавизе

КОНФУ́ЗИТЬСЯ *несов.* нечезе, лазат хвезе, санагIат гьечIеб хIалалде ккезе

КОНФУ́ЗЛИВЫЙ, -ая, -ое *разг.* нечолев, намусав; виххулев

КОНЦЕВ//О́Й, -ая, -ое ахирияб, ахиралда (*рагIалда*) бугеб; **~ая строка́** ахиралда бугеб (ахирияб) мухъ

КОНЦЕНТРА́Т *м* 1) концентрат (*бакъвазабун данде къазабураб хIадурараб кванил нигIмат*) 2) *с.-х* кIалцIи (*тIахьди, жмих, пурчIина жубан гьабураб*)

КОНЦЕНТРАЦИО́ННЫЙ, -ая, -ое: **~ ла́герь** концентрациялъул лагерь (*гIемерал гIадамал цадахъ жанир тIамураб бакI)*

КОНЦЕНТРА́ЦИЯ *ж* I (*по гл.* **концентри́ровать**) 1) данде бакIаризаби, цо бакIалде буссинаби 2) *хим.* бакъвалъизаби, гьорлъ босизаби 2 (*по гл.* **концентри́роваться**) цо бакIалде бу-ссин 3 *хим. (степень насыщенности)* бакъвалъи, гьорлъбоси

КОНЦЕНТРИ́РОВАННЫЙ, -ая, -ое 1) бакъвалъараб, гьорлъ босараб; **~ раство́р** гьорлъ босараб раствор 2) жубараб; **~ корм** жубараб кIалцIи

КОНЦЕНТРИ́РОВАТЬ *несов.* 1) *кого-что (сосредоточить)* цо бакIалде буссинабизе, данде бакIаризабизе; **~ внима́ние** *на чем-л. сунденигги* пикру буссинабизе 2) *что хим. (сгущать, на-*

сыщать) бакъвалъизабизе, гъорлъ босизабизе, жубазабизе; ~ **раствóр** раствор бакъвалъизабизе

КОНЦЕНТРИ́РОВАТЬСЯ *несов. (сосредоточиваться, скапливаться)* цо бакIалде буссине, данде бакIаризе, гъорлъ босизе

КОНЦЕ́ПЦИЯ *ж* концепция (1 *сунденги бугеб бербала-гьиялъул тартиб, система; 2 сундулниги аслияб магIна*)

КОНЦЕ́РН *м* концерн (*цо бакIалдасан гIарац биччалеб къагIидаялъ данде гьарурал предприятиял*)

КОНЦЕ́РТ *м* концерт; **пойти́ на** ~ концерталде ине; **дать** ~ концерт гьабизе (кьезе)

КОНЦЕ́РТНЫЙ, -ая, -ое концерталъул(аб); ~ **зал** концерталъул зал

КОНЦЕССИОНЕ́Р *м* концессионер (*концессиялъул бетIергьан*)

КОНЦЕ́ССИЯ *ж* концессия (1 *къватIисеб пачалихъалъул фирмаялъулгун яги жиндирго буголъи бугев чиясулгун промышленныял предприятиял, ракь ва гь.ц. хIалтIизабизелъун хъвалеб къотIи; 2 гьединаб къотIиялда рекъон хIалтIулеб предприятие*)

КОНЦЛА́ГЕРЬ *м (концентрационный лагерь)* концлагерь (*концентрациялъулаб лагерь*)

КОНЦО́ВКА *ж* 1) *полигр.* концовка (*тIехьалъул яги гьелъул цо бетIералъул ахиралда берцинлъиялъе гьабураб накъыщ*) 2) *лит. (заключительная часть)* ахир, лъугIел

КОНЧА́//ТЬ *несов. см.* **ко́нчить; я ско́ро ~ю** дица хехго лъугIизабулеб буго

КОНЧА́//ТЬСЯ *несов. см.* **ко́нчиться; всё хорошо́, что хорошо́ ~ется** *погов.* ахир лъикIалда лъугIулеб жо кинабго лъикIаб букIуна

КО́НЧЕНО *в знач. сказ. безл.* 1) (*покончено*) лъугIана, ахир лъуна; **ме́жду на́ми всё** ~ нилъеда гьоркьоб кинабго лъугIана 2) (*довольно*) *разг.* гIела; **~, да́льше не пое́ду** гIела, тIокIав вилълъи-наро

КО́НЧЕН//ЫЙ, -ая, -ое лъугIараб, ахиралде щвараб; **де́ло ~ое** лъугIараб иш ◊ **~ый челове́к** иш лъугIарав чи, гIадада хварав чи

КО́НЧИК *м* тIогъ; ~ **карандаша́** къалмил тIогъ ◊ **верте́ться на ~е языка́** мацIалда тIогъиб букIине (*абизе бокьараб жо*)

КОНЧИ́ НА *ж* хвел, ватIалъи; **безвре́менная** ~ заман щвелалдего ватIалъи

КО́НЧИТЬ *сов. что, что кем-чем, с чем и с неопр. в разн. знач.* лъугIизабизе, ргIалде бахъинабизе; ~ **ремо́нт** ремонт лъугIизабизе; ~ **речь приве́тствием** кIалъай баркиялдалъун лъугIизабизе; ~ **шко́лу** школа лъугIизабизе; ~ **рабо́ту в пять часо́в** шугоялда хIалтIи лъугIизабизе ◊ **пло́хо** ~ балагьалда данде ине, гIадада хвезе

КО́НЧИ//ТЬСЯ *сов.* 1) лъугIизе; **де́ло ~лось ми́ром** иш ракълидалъун лъугIана; **уро́к ~лся** дарс лъугIана 2) (*умереть*) хвезе

КОНЪЮНКТУ́ РА *ж* конъюнктура (1 *жамгIияб гIумруялда жаниб лъугьараб ахIвал-хIал; 2 эк. даран-базаралъул бугеб хIал бицунел гIаламатал (багьаби хиралъи-учузлъи, биччалеб къайи-ялъул роцен ва гь.ц.*)

КОНЪЮНКТУ́ РЩИК *м* конъюнктурачи, гьабсагIат бугеб ахIвал-хIалалда рекъон бигьаго хиса-сверулев чи, хисардухъан

КОН//Ь *м* 1) чу; **седла́ть ~е́й** чуял кьолозе 2) *шахм.* чу; **ход ~ём** чуялъ ход гьабизе, чу кьезе 3) *спорт.* конь (*гимнастикаялъул упражненият тIад гьаризе бугеб, тIад къехьги ккураб боздузда лъураб чIалу*) ◊ **дарёному ~ю́ в зу́бы не смо́трят** *посл.* чIобого кьураб чол кIалдире раккуларел(ханас кьураб чол кIалдире раккуларел)

КОНЬК//И́ *мн.* (*ед.* **конёк** *м*) конькаби, чуленал; **ката́ться на ~а́х** конькабазда (чуленазда) хъещтIезе

КОНЬКОБЕ́ЖЕЦ *м* конькабазда хъещтIолев спортсмен

КОНЬКОБЕ́ЖКА *ж* конькабазда хъещтIолей спортсменка

КОНЬКОБЕ́ЖН//ЫЙ, -ая, -ое конькабазда хъещтIеялъул; **~ые соревнова́ния** конькабазда хъещтIеялъул къецал

КОНЬЯ́К *м* коньяк (*цIолбол спирталъул гьабураб гьекъолеб жо*)

КО́НЮХ *м* мегьтар, чуял хьихьулев чи; **колхо́зный** ~ колхозалъул чуял хьихьулев чи

КОНЮ́ШНЯ *ж* чуязул бокь

КООПЕРАТИ́В *м* 1) кооператив; **жили́щный** ~ рукIа-рахъиналъул кооператив 2) *разг. (магазин)* кооператив (кооперативияб тукен)

КООПЕРАТИ́ ВН//ЫЙ, -ая, -ое кооперациялъул(аб), кооперациялда хурхараб; **~ое хозя́йство** кооперациялъул магIишат

КООПЕРА́ЦИЯ *ж* кооперация (1 *цого яги цоцада бухьараб батIи-батIияб хIалтIи гьабулел гIадамазул захIмат гIуцIараб хасаб къагIида; 2 гIахьалчагIазул гIарцухъ гIуцIараб дармилаб, производствоялъулаб ва гь.ц. цолъи; 3 кооперативияб тукен*)

КООПЕРИ́РОВАНИЕ *с* кооперация гьаби, кооперация гIуцIи

КООПЕРИ́ РОВАТЬ *сов. и несов. что* кооперация гьабизе, кооперация гIуцIизе

КООПЕРИ́ РОВАТЬСЯ *сов. и несов.* кооперациялде цолъизе

КООПТА́ЦИЯ *ж* кооптация (*рищулел органазда гьорлъе, жидеца рищулезда гьикъичIого, тIадеги гIадамал роси*)

КООРДИНА́Т//Ы *мн.* (*ед.* **~а** *ж*) координатал (*сверухълъи-ялда яги майданалда щибниги бугеб бакI бицунел тарихал*); **географи́ческие ~ы** географиялъулал координатал

КООРДИНА́ЦИЯ *ж* 1) (*по гл.* **координи́ровать**) дандеккей, рекъонккей, битIа-бишун букIин 2) (*согласованность*) данде кколеб бухьен букIин

КООРДИНИ́ РОВАТЬ *сов. и несов. что, что с чем щибниги сундулъниги* рекъон ккезабизе, данде ккезабизе; ~ **де́йствия пехо́ты и та́нков** лъелаб аскаралъулги танказулги ишал цоцада данде ккезаризе

КОПА́ТЬ *несов. что* 1) (*разрыхлять*) гьанкIизе; ~ **зе́млю** ракь гьанкIизе 2) (*рыть*) бухъизе; ~ **я́му** гвенд бухъизе 3) (*выкапывать*) бахъизе; ~ **карто́фель** картошка бахъизе ◊ ~ **моги́лу** *кому-л. лъиениги* къор гъезе; чIвазе, тIагIинавиялъе ургъизе

КОПА́ТЬСЯ *несов.* 1) *в чём (рыться)* хъирщардизе; ~ **в песке́** салулъ хъирщардизе 2) *в чём (искать, ворошить что-л.)* гелгедизе, ваккаризе; ~ **в сундуке́** гьансиниве ваккаризе 3) *в чем перен. (излишне старательно разбираться)* цIакъго мухIканго гьабизе (*хIажалъи гьечIониги*) 4) *разг. (медлить)* хIинцго гьабизе, квердаса унгутIизе

КОПЕ́ЕЧНЫЙ, -ая, -ое 1) (*достоинством в одну копейку*) цо кепкил багьаяб 2) (*недорогой*) учузаб, хирияб гьечIеб 3) *перен. (мелочный)* жого гуреб, гIиси-бикъинаб; къунтIаб, къарумаб

КОПЕ́ЙК//А *ж* 1) копек, кебек 2) *собир. разг.* гIарац,буголъи; **бере́чь наро́дную ~у** халкъалъул буголъи цIунизе ◊ **без ~и де́нег** беццаб кебек гьечIого

КОПИ́ РК//А *ж* копирка (*цо хъвараб жо кIиго-лъабго тIанчидехун бахъизе гьоркьоб лъолеб хасаб кагъат*); **писа́ть под ~у** копиркаги гьоркь лъун, хъвазе

КОПИРОВА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое копия бахъулеб; **~ая бума́га** копия бахъулеб кагъат

КОПИ́ РОВАНИЕ *с* (*по гл.* **копи́ ровать**) 1) копия бахъи 2) *перен. лъиданиги* релълъун гьаби, мисал боси

КОПИ́РОВАТЬ *несов.* 1) *что (снимать копию)* копия бахъизе; ~ **карти́ну** сураталъул копия бахъизе 2) *кого-что перен. (подражать) лъиданиги* релълъун гьабизе

КОПИ́ ТЬ *несов. что прям., перен.* бакIаризе, данде гьабизе; ~ **де́ньги** гIарац данде гьабизе; ~ **си́ лы** къуват бакIаризе

КОПИ́ ТЬСЯ *несов.* данделъизе, бакIаризе

КО́ПИ//Я *ж* копия (*дурусго релъълъинабун бахъараб сурат яги цойги жо*); **снять ~ю** копия бахъизе ◊ **он – ~я отца́** гъов тIубан инсуда релълъарав вуго

КОПНА́ *ж* гIари (*тIорщалил*), лапур, гъуни (*харил*) ~ **се́на** харил гъуни; ~ **воло́с** расул гъуни (*ботIрода*),керчаб, ризаб рас

КОПНИ́ ТЬ *несов. что с.-х.* гъунал разе, гохIал гьаризе

КО́ПОТЬ *ж* лахI, къентIури

КОПОШ//И́ТЬСЯ *несов.* 1) гьунизе; рагъа-рачаризе; **муравьи́ ~а́тся в мураве́йнике** цIунцIраби цIунцIрабазул гохIилъ гьунулел руго 2) *разг. (возиться)* квалквадизе, хъалхъадизе 3) *перен. разг.* багъаризе; **в душе́ ~и́ тся сомне́ние** рекIелъ щакдари багъарулеб (бижулеб) буго

КОПТЕ́ТЬ *несов. безл. (покрываться копотью)* лахIул цIезе, лахI бахине

КОПТИ́ ЛКА *ж разг.* шайтIанчирахъ, лахIучирахъ

КОПТИ́//ТЬ *несов.* 1) (*испускать копоть)* кIкIуй рехизе; **ла́мпа ~т** чирахъалъ кIкIуй рехулеб буго 2) *что (покрывать копотью*) (*кIкIуйдул*) кьеккен гьабизе, лахI речIчIизабизе; **~ть стекло́** цIорода лахI речIчIизабизе 3) *кого-что (провяливать мясо, рыбу и т.п.*) кIкIуй речIчIизабун, бакъвазабизе ◊ **не́бо ~ть** кеп-гIоркьалда пайда гьечIеб гIумру гьабизе

КОПЧЁ́Н//ИЕ *м* **1.** (*по гл.* **копти́ть**) кIкIуйдуца бакъвазаби, кьеризаби, кьеккен гьаби **2.** *мн.* **~ья** кIкIуйдуца кьеккен гьабурал кваналел жал (*ччугIа, гьан ва гь.ц.*)

КОПЧЁНОСТ//И *мн.* (*ед.* **~ь** *ж*) кIкIуйдуца бакъвазабураб гьан, ччугIа

КОПЧЁН//ЫЙ, -ая, -ое кIуйдуца кьеккен гьабураб; **~ая ры́-ба** кIкIуйдуца кьеккен гьабураб ччугIа

КО́ПЧИК *м анат.* гьодил ахалъи (*гIадамасул*), рачIагьод (*хIайваналъул*)

КОПЧУ́ , копти́ шь *и т.д. наст. от* **копти́ ть**

КОПЫ́ ТО *с* щинкIил

КОПЬЁ *с* хеч, бо́лчIор

КОРА́ *ж* макъар, тIасияб хъал ◊ **земна́я ~** *геол.* дунялалъул тIасияб къвакIараб хъал; **~ головно́го мо́зга** *анат.* гIадалнахул хъал

КОРАБЕ́Л *м* гуми гьарулев чи, гуми гьаризе проектал рахъулев чи

КОРАБЕ́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое гамил(аб), гуми гьариялда хурхараб; **~ лес** гуми гьаризе бегьулел рорхатал гьутIби ругеб рохь

КОРАБЛЕВОЖДЕ́НИЕ *с* гуми рачин

КОРАБЛЕКРУШЕ́НИЕ *с* гама гьанкъи; **потерпе́ть ~** гама гьанкъизе (*ралъад багъарун, жагъаллъи ккун*)

КОРАБЛЕСТРОЕ́НИЕ *с* 1) гуми гьари 2) гуми гьариялъул гIелму

КОРАБЛЕСТРОИ́ ТЕЛЬ *м* гуми гьариялъул специалист

КОРА́БЛ//Ь *м* гама; **вое́нный ~ь** рагъул гама; **возду́шный ~ь** самолет, дирижабль; **косми́ческий ~ь** космосалъул гама ◊ **сжечь свои́ ~и́** нахъ вуссин гьечIеб гали тIамизе, аралда гарацI базе

КОРА́ЛЛ *м* 1) коралл (*багъаричIого кьурабазда рекIун букIунеб ралъдал рухIчIаголъи*) 2) (*камень*) маржан (*кораллал хун, тIатIала сокIкIун лъугьараб гамачI)*; **бу́сы из ~ов** маржаназул цIал

КОРА́ЛЛОВ//ЫЙ, -ая, -ое 1) маржаналъул, маржаназул; **~ый о́стров** маржаназул чIинкIиллъи; **~ое ожере́лье** маржаназул цIал 2) (*о цвете*) канчIбагIараб, маржанул кьераб

КОРАН *м* Къуръан

КОРДО́Н *м* кордон (1 *гIурхъи цIунулезул гьитIинаб къокъа;* 2 *гIурхъи;* 3 *щибниги цIунизе тараб къокъа чIараб бакI)*; **воéнный ~** рагъулеб кордон; **лесно́й ~** рохьил кордон; **тамо́женный ~** кумурукханаялъул (таможнялъул) кордон

КОРЕВ//О́Й, -ая, -ое меседунтиялъул, меседунтиялда хурхараб; **~ая сыпь** меседунтиялъ черхалде бараб (бахъараб) жо

КОРЕ́ЕЦ *м* кореяв

КОРЁЖИ//ТЬ *несов.* 1) *кого-что прост.* кьолболъа бахъизе; **лес ~ть** гъутIби кьолболъа рахъун, рохь тIагIинабизе 2) куц хвезабизе 3) букIкI-букIкIинабизе; **фане́ру ~т от сы́ рости** регьелалъ фанера букIкIинабула 4) (*о судорогах и т.п.*) щукIдул рукIкIине (кквезе) **меня́ всего́ ~т** дир кинабго къаркъалаялъул щукIдул рукIкIунел руго 5) сири базе, квачалъ вукIкIинавизе 6) *перен. (при-водить в возмущение)* (*сунцаниги)* цидахинавизе

КОРЁЖИ//ТЬСЯ *несов.* букIкIине, гьетI-гьетIизе, куц хвезе; **переплёт ~тся** жилдал рукIкI-рукIкIунел руго; **~ться от бо́ли** унтиялъ вукIкIине

КОРЕ́ЙКА *ж* болъонил (яги бачил) мегьед

КОРЕ́ЙСКИЙ, -ая, -ое кореялъул(аб), кореязул(аб), кореязда хурхараб; **~ язы́ к** кореязул мацI

КОРЕ́ЙЦЫ *мн.* кореял

КОРЕНА́СТЫЙ, -ая, -ое цоцалъ тункарав, кIигъажалзулъа (кIигъожолъа) гIебав; **~ челове́к** цоцалъ тункарав чи

КОРЕН//И́ ТЬСЯ *несов. в ком-чем (глубоко таиться)* жаниб бахчун (гьорлъ бессун) букIине; **в нем ~я́тся поро́ки** гьосулъ рессун руго гIунгутIаби

КОРЕННИ́ К *м (лошадь)* лъабго чу бараб гьакида бакьулъеб чу (бакьулъ балеб чу); гьакигIералда балеб чу

КОРЕНН//О́Й, -ая, -ое 1) (*исконный*) росу-ракь ккураб, тIоцебе батараб, аслияб; **~ое населе́ние** росу-ракь ккурал гIадамал; 2) (*основной*) аслияб, цIакъ кIвар бугеб, кьочIолаб; **~ые вопро́сы** аслиял суа́лал ◊ **измени́ ть ~ы́ м о́бразом** кьучIдасанго хисизабизе; **~ые зу́бы** нахъисел гIусал, хIалагIусал

КО́Р//ЕНЬ *м* 1) (*мн.* **~ни**) кьибил; **~ень сло́ва** рагIул кьибил; **вы́ рвать с ~нем** *прям. перен.* кьолболъа бахъизе; **пусти́ ть ~ни** а) кьалбал риччазе б) цIакъго цо бакIалде ругьунлъизе; 2) (*мн.* **~и**) *перен. начало, источник*) аслу, кьучI, ицц; **~ень зла** балагьалъул аслу, ицц 3) (*мн.* **~е́нья**) бижулебщинаб жоялъул кьибил ◊ **квадра́тный ~ень** квадратияб корень; **запря́ чь в ~ень** бакьулъ (чу) базе; **измени́ ть в ~не** кьучIдасан хисизабизе

КОРЕШО́К *м* 1) *уменьш. от* **ко́рень;** 2) (*квитанции*) квитанцияги тIун гъоркь хутIараб рахъ, корешок 3) (*книги*) тIехьалъул мугъ 4) *прост.* лъикIав гьудул, гьалмагъ

КОРЕЯ́ НКА *ж* кореяй

КОРЗИ́ НА, КОРЗИ́ НКА *ж* чIеп

КОРИДО́Р *м* жанахI, коридор

КОРИДО́РН//ЫЙ, -ая, -ое жанахIалъул ◊ **~ая систе́ма** минаялъул киналго рукъзабазул цого коридоралде нуцIби ругеб къагIида

КОРИ́ТЬ *несов. кого-что разг. (упрекать)* бадиб чIвазе, гIайиб гьабизе

КОРИФЕ́//Й *м кинаб бугониги ишалда гъорлъ* машгьурав (цIар арав) чи; **~и нау́ки** гIелмуялъул машгьурал гIадамал

КОРИ́ЦА *ж* корица, дарчин (*тропиказда рижулел цо-цо гъутIбузул махI берцинлъиялъе, тIагIамалъе кванилъ хIалтIизабулеб бакъвараб хъал*)

КОРИ́ ЧНЕВЫЙ, -ая, -ое тIулакьераб, сурмияб

КО́РК//А *ж* 1) *в разн. знач.* хъал; **ледяна́я ~а** цIорол хъал; **лимо́нная ~а** лимоналъул хъал 2) макъар; **хле́бная ~а** чадил макъар ◊ **прочита́ть кни́гу от ~и до ~и** тIарадаса ахаде щвезегIан тIехь цIализе

КОРМ *м* кIалцIи, рагIи-хер, кваназежо; **гру́бые ~á** чIахIкъул, хъачIаб рагIи-хер; **подно́жный ~** хер (*хIайваналъ къватIиса балагьулеб квен*); **зада́ть ~у** хер базе; **силосова́ние ~ов** рагIихералъул силос гьаби

КОРМА́ *ж (судна)* гамил нахъисеб рахъ

КОРМЁЖКА *ж разг.* **1**. (*по гл.* **корми́ ть**) рагIи бай, кваназаби; **~ лошаде́й** чуял кваназари **2.** (*по гл.* **корми́ться**) кванай **3.** (*место кормления*) руссун, квен кьолеб бакI **4.** (*пища, еда*) квен

КОРМИ́ ЛЕЦ *м* хъизан хьихьулев чи

КОРМИ́ ЛИЦА *ж* 1) хъизан хьихьулей чIужу 2) керен кьун чияр лъимер хахулей гIадан, чияр лъимералъе каранзул рахь кьолей чIужу

КОРМИ́Л//О *с* 1) гамил руль 2) раса бачунеб раххан ◊ **стоя́ть у ~а вла́сти** хIукуматалъул бетIерлъуда вукIине

КОРМИ́ТЬ *несов. кого-что* 1) кваназабизе, рагIи-хер базе; **~ скот** боцIуе рагIи-хер базе; **~ больно́го** унтарав кваназавизе; **в э́той столо́вой хорошо́ ко́рмят** гьаб столоваялда лъикI кваназарула 2) хахизабизе, керен кьезе; **~ ребёнка гру́дью** лъимер хахизабизе, керен кьун хьихьизе; 3) хьихьизе; **~ на уббо́й** хъвезе хьихьизе 4) *перен. (содержать)* хьихьизе, хIеб-тIизе; **~ всю се́мью́** тIолабго хъизан хьихьизе ◊ **~ обеща́ниями** тIубалареб рагIи кьезе (*чанго нухалъ*)

КОРМИ́ ТЬСЯ *несов.* 1) кваназе; **лоша́дь ко́рмится на лугу́** чу гIурдада кваналеб буго 2) (*чем*) бетIербахъи гьабизе; **~ свои́ м трудо́м** жиндирго захIматалдалъун бетIербахъи гьабизе

КОРМЛЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **корми́ть 1)** 1) (*животных*) рагIихер кьей, кваназари, хьихьи 2) (*грудью*) хахизаби, керен кьей

КОРМОВ//О́Й[1], -ая, -ое рагIи-хералъул, кIалцIилъун кьолеб, кIалцIуе балеб; **~ая свёкла** кIалцIуе балеб чIакIултIан; **~а́я ба́за животно́водства** боцIухъанлъиялда бугеб рагIи-хералъул нахърател

КОРМОВ//О́Й[2], -ая, -ое **1.** *мор.* гамил нахъисеб рахъалъул(аб); **~ флаг** гамил нахъисеб рахъалда чIвараб байрахъ **2.** *в знач. сущ. ~ м* а) гамил нахъисеб рахъалда вугев хIалтIухъан б) гама бачунев чи

КОРМОЗАГОТОВИ́ ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое рагIи-хер хIадуриялъул

КОРМОПРОИЗВО́ДСТВО кIалцIи гьаби

КОРМУ´ ШКА *ж* руссун

КОРНЕВИ́ЩЕ *с* 1) (*подземный стебель*) цо-цо хурдузул кьибилалъул бутIа (хIубиялъул ракьулъ бугеб бутIа) 2) (*основной корень дерева*) гъотIол аслияб кьибил, ракьулъа къватIибе баккараб гъотIол кьибил

КОРНЕВ//О́Й, -ая, -ое 1) кьибилалъул(аб); кьалбазул(аб); **~ая систе́ма** кьалбазул система 2) *грамм.* кьибилалъул(аб), кьибилалда хурхараб; **~ы́ е слова́** кьибил гурони гьечIел ргIаби

КОРНЕПЛО́ДЫ *мн.* (*ед.* **корнепло́д** *м*) кьибилпихъ (*кьибил кунел пастIанир рижулел жал: ламадур, чIакIултIан…*); **кормовы́ е** ~ кIалцIуе хIалтIизабулеб чIакIултIан *ва гь.ц.*

КОРНИШО́Н *м* гIисинаб (гIолохъанаб) охцер (*цIамул лъелъе базе тIураб*) *(туридалъе базе бакIарараб)*

КО́РОБ *м* сумало, сумалтIам, тIалагъуд (*гъотIол макъара-лъул, габанидул хъалалъул гьабураб гъутухъ*) ◊ **наговори́ ть в три ~а** цIакъго гIемераб жо бицине, ргIул къали ххине

КОРО́БИ//ТЬ *несов.* 1) *что* кIиркъизе, гьетIизе; **переплёт ~т от сы́ рости** ргьлица мужалатал гьетIизарулел руго 2) *кого-что перен. разг.* квешаб асар гьабизе; **меня́ ~ло от его́ слов** гьесул ргIабаз дие квешаб асар гьабуна

КОРО́БИТЬСЯ *несов.* 1) гьетIун ине, кIиркъун ине 2) (*об одежде*) букIкI-букIкIине, битIун чIунгутIизе

КОРО́БКА *ж* къали, гъутухъ; **~ скорости́** *тех.* скоростазул коробка (*машинаялъул хехлъи хисизабулеб механизм*); **магази́н-ная ~** *яргъида бугеб* патроназул коробка; **черепна́я ~** *анат.* гвангвара, гIадагIо

КОРОБО́К *м* гъитIинаб гъутухъ (*къали, кIуни, гьаржакIо*); **~ спи́ чек** гIучIазул къали (спичкабазул къали)

КОРО́БОЧКА *ж* 1) *уменьш. от* **коро́бка** 2) *бот.* барщараб хьон жаниб бугеб къвачIа (*квасквасалъул, бигьародал, чIчIвадалъул ва гь.ц.*)

КОРО́ВА *ж* гIака; **до́йная ~** бечIчIулеб гIака

КОРО́В//ИЙ, -ья, -ье гIакдал(аб); гIакдал рахьалъул гьабураб; **~ье молоко́** гIакдал рахь

КОРО́ВКА *ж уменьш. от* **коро́ва; бо́жья ~** *зоол.* канарко

КОРО́ВНИК *м* бокь (*гIачиязул, оцазул*)

КОРО́ВНИЦА *ж* гIачи (*боцIи*) хьихьулей чIужу

КОРОЛЕ́ВА *ж* 1) пача, паччахI, къирал (*чIужугIадан*) 2) къираласул чIужу 3) *шахм.* ферз, королева

КОРОЛЕ́ВСКИЙ, -ая, -ое къираласул, пачаясул, паччахIасул

КОРО́Л//Ь *м в разн. знач.* паччахI, пача, къирал; **нефтяно́й ~ь** нартил къирал; *шахм.* **объяви́ ть шах ~ю́** паччахIалда шах лъазабизе

КОРОМЫ´ СЛО *с* коромысло (*кIиябго рахъалда ведраби ралеб цIулал гьетIараб гIер*) ◊ **дым ~м** хъуй, ахIи-хIур, гIалагъважа

КОРО́НА *ж* 1) таж 2) *перен.* къираласул хIакимлъи, ихтияр ◊ **со́лнечная ~** бакъуда сверун канлъул лолбай (канлъул свери)

КОРОНА́ЦИЯ *ж* таж лъей (*рохалилаб къагIидаялда цIияв къираласе гьабулеб хIурмат*), пача тахиде вахин

КОРО́НКА *ж* 1) (*зуба*) цаби-гIусазда тIад лъолеб металлалъул хъал, лъел; **золота́я ~** меседил хъал

КОРО́НН//ЫЙ, -ая, -ое: **~ая роль** бищун аслияб (кIвар бугеб) роль

КОРОНОВА́ТЬ *сов. и несов. кого-что* таж тIад лъезе, пачалъун тезе

КОРОНОВА́ТЬСЯ *сов. и несов.* пачалъун вахъине

КОРО́СТА *ж* рецIцI ккараб бакI, роцIцIол хъал

КОРОСТЕ́ЛЬ *м зоол.* щвантI

КОРОТА́ТЬ *несов. что* заман инабизе (*тIамизе*); **~ ве́чер за бесе́дой** хабар-кIалалда сордо инабизе; **~ жизнь** гIумру тIамизе

КОРО́ТК//ИЙ, -ая, -ое 1) *в разн. знач.* къокъаб, тIарцIаб; **~ие во́лосы** тIарцIаб рас; **~ий пиджа́к** къокъаб пиджак; **~ий разгово́р** къокъаб хабар; **на ~ий срок** къокъаб болжалалъ 2) *кратк. ф. в знач. скз.* къокъаб буго; **брю́ ки ~и** тIажу къокъаб буго 3) (*близкий*) рекIелаб, гьуинаб; **~ие отноше́ния** гьуинаб гьоркьоблъи ◊ **~ая волна́** *радио* радиоялъул къокъаб карачел; **коро́че говоря́** къокъго абуни; **быть *с кем-л.* на ~ой ноге́** *щивгунниги* цIакъго ракI жубан, гьудуллъиялда вукIине

КО́РОТКО *нареч.* къокъго; **~ постри́женный** къокъго (рас) къунцIараб; **~ и я́сно** къокъго ва бичIчIуледухъ; **быть ~ знако́мым** дагьаб цебегIан лъай-хъвай ккезе

КОРОТКОВОЛНО́ВЫЙ, -ая, -ое къокъал карачалаби ругеб; **~ переда́тчик** къокъал карачалаби ругеб передатчик

КОРОТКОМЕТРА́ЖНЫЙ, -ая, -ое къокъаб, дагьаб халалъиялъул(аб); **~ фильм** къокъаб фильм

КОРОТКОНО́ГИЙ, -ая, -ое бохдул къокъаб

КОРОТКОШЁРСТН//ЫЙ,-ая,-ое, **КОРОТКОШЁРСТ//ЫЙ,** -ая, -ое тIарцIаб, квас къокъаб; **~ые о́вцы** тIарцIал чахъаби (гIиялъажал)

КОРОТЫ´ Ш *м,* **короты́ шка** *м, ж* къокъич

КОРО́ЧЕ *сравн. ст. к* **коро́ткий** и **ко́ротко** ◊ **~ говоря́** къокъго абуни

КО́РОЧКА *ж уменьш. от* **ко́рка**

КОРПЕ́ТЬ *несов. разг.: ~* **над бума́гами** тIад чIун кагътазда тIад хIалтIизе

КОРПОРА́ЦИЯ *ж* корпорация (*цого махщел яги буголъи букIиналъ бокьун данделъарал гIадамазул цолъи*); **~ учёных** гIалимзабазул корпорация (*цолъи*)

КО́РПУС[1] *м* 1. къаркъала, черх, каранзул къали; **кру́пный ~** кIудияб черх 2. корпус; **~ судна** гамил корпус 3. корпус, мина (*завод-фабрикалъул, учреждениябазул ва гь. ц. минабазул цояб*)

КО́РПУС[2] *м* 1. *воен.* корпус (*аскаралъул бутIа*) 2. цолъи, къокъа; **дипломати́ческий ~** дипломатазул корпус 3. корпус (*кадетал цIалулеб бакI*)

КОРРЕКТИ́РОВА//ТЬ *сов.* 1. корректура гьабизе, типографиялда бищараб текстална гъалатIал ритIизаризе; **~ть статью́** макъалаялъул корректура гьабизе (цIализе) 2. дурус гьабизе, хисизабун данде ккезабизе; **~ть стрельбу́** хисизабун кьвагьдей данде ккезабизе

КОРРЕ́КТНОСТЬ *ж мн. нет* адаб буголъи, хьвада-чIвадизе лъай

КОРРЕ́КТНЫЙ, -ая, -ое адаб бугев, хьвада-чIвадизе лъалев

КОРРЕ́КТОР *м* корректура гьабулев чи, типографиялда гъалатIал ритIизарулев чи

КОРРЕ́КТОРСКИЙ, -ая, -ое 1. корректорасул(аб) 2. корректорлъиялда хурхараб

КОРРЕКТУ́РА *ж* корректура (1 *типографиялда бищараб текст;* 2 *типографиялъ риччарал гъалатIал ритIизари*)

КОРРЕСПОНДЕ́НТ *м* 1. корреспондент, мухбир 2. корреспондент (*лъихъениги хъвадарулев (хъвадариялда вугев) чи*)

КОРРЕСПОНДЕ́НЦИЯ *ж* корреспонденция (1 *газеталде хъвараб макъала;* 2 *газеталъ рахъулел кагътал*)

КОРРО́ЗИЯ *ж* кьаву чIвай; **~ мета́ллов** маххуда кьаву чIвай

КОРРУ´ ПЦИЯ *ж* коррупция *(хъулухъ - ишалда ругел чагIи, хIакимзаби ричун роси)*

КОРСА́Ж *м* 1) *уст.* корса́ж (1 *чIужу-гIаданалъул керен, мугъ ва хьалбал рахчулеб гъоркьан ретIунеб жо; 2 тIад къараб юбкаялъул рачел*)

КОРСЕ́Т *м* корсет (*чIурканлъиялъе гIоло ратIлида гъоркьан руччабаз борчунеб гIебаб рачел*)

КОРТ *м* корт (*теннис хIалеб майдан*)

КО́РТИК *м* кортик *(командирасул лъелги бугеб нус)*

КО́РТОЧК//И: сиде́ть на ~ах гьункIусида вукIине; **сесть на ~и** гьункIусида чIезе

КОРЧЕВА́НИЕ *с* (*по гл.* **корчева́ть**) кьолболъа бахъи; **~ пней** хIухьдул кьолболъа рахъи

КОРЧЕВА́ТЬ *несов. что* кьолболъа бахъизе

КОРЧЁВКА *ж см.* **корчева́ние**

КО́РЧИ//ТЬ *несов. кого-что* 1) *безл.* щекI букIкIиналъ тIирщадизавизе; **его́ ~т от бо́ли** унтияльул кутакалъ гьов тIирщадизавулев вуго 2) *(прикидываться кем-л.)* хIазе, ххвел гьабизе; **~ть из себя́ знатока́ языка́** мацI лъалев чилъун хIазе

КО́РЧИТЬСЯ *несов.* тIирщадизе (*унтиялъ*)

КО́РШУН *м* хъвек, чудук

КОРЫ́СТН//ЫЙ, -ая, -ое 1) жиндиего пайдаялъе гьабулеб; 2) хъантIарав, кинабго жиндиейилан лъугьарав; **с ~ой це́лью** жиндиего пайдаялъе мурадалда

КОРЫСТОЛЮБИ´ ВЫЙ, -ая, -ое хъантIарав, кинабго жиндиейилан лъугьарав, цIакъго гIарац хирияв

КОРЫСТОЛЮ´ БИЕ *с* жиндиего хайир,пайда бокьи

КОРЫ́ СТЬ *ж* пайда, хайир; **кака́я ему́ в э́ том ~** кинаб пайда гьесие гьелдасан бугеб

КОРЫ́ Т//О *с* раса; хIерчч (*ретIел чурулеб, боцIуе чури тIолеб ва гь.ц.)* ◊ **оказа́ться у разби́ того ~а** букIанщинаб бечелъиги тIагIун, хутIизе

КОРЬ *ж мед.* месед (*унти*)

КОРЯ́В//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*рябой*) цIинкрал (*чанхъал*) рараб, тIадерахъиялъ унтун букIараб 2) (*искривленный*) ноцIахараб, гьетI-гьетIараб; **~ое де́ревце** гьетI-гьетIараб гъветI 3) (*загрубелый*) хъачIлъараб, гвагIараб; **~ые па́льцы** гвагIарал килщал 4) *перен. разг. (некрасивый*) бегIукъаб, сурукъаб; **~ый по́черк** сурукъаб, гIаркьа-кIичIараб хатI

КОРЯ́ ГА *ж* лъадалъ букIараб яги ракъдаде рехараб хIехь, гвадар, ноцIахараб рохти

КОРЯ́ К *м* корякав

КОРЯ́ КИ *мн.* корякал

КОРЯ́КСКИЙ, -ая, -ое коряказул(аб); **~ язы́к** коряказул мацI

КОРЯ́ ЧКА *ж* корякай

КОС//А́[1] *ж (волосы)* гъал; **заплести́ ~у́** гъал хьухьине

КОС//А́[2] *ж с.-х.* харицел; **отбива́ть ~у́** харицел бекIкIизе ◊ **нашла́ ~а на ка́мень** *погов.* пикру (рагIи) данде кколарел дандчIвана (*гIащтIи хвезе ноцI; гьойги бацIги гIадин*)

КОСА[3] *ж мор.* ралъдал (*гIурул*) рагIалдасан бугеб ракьул чIва (чIоло)

КО́САРЬ[1] *м* вецарухъан

КО́САРЬ[2] *м (большой нож)* чалта, чалтанус

КО́СВЕНН//ЫЙ, -ая, -ое 1) хъвалсараб, цойги рахъалдасан букIунеб, чиядасан лъалеб; **узна́ть э́ то ~ым путём** цойги рахъалдасан гьеб лъазе 2) *грам.* хъвалсараб; **~ая речь** хъвалсараб калам; **~ое дополне́ние** хъвалсараб дополнение; **~ый паде́ж** хъвалсараб падеж (*аслияб гуреб*)

КОСЕ́КАНС *м мат.* косеканс

КОСЕ́Ц *м см.* **коса́рь**[1]

КОСИ́ ЛКА *ж* бецарулеб машина

КО́СИНУС *м мат.* косинус

КОСИ́ТЬ[1] *несов.* 1) *что* бецизе; **~ се́но** хер бецизе 2) *кого-что перен.* гъуризе, тIагIинабизе; **~ неприя́тельские ряды́** тушманзаби гъуризе; **~ чумо́й** къавудаялъ гъуризе (рецун разе)

КОСИ́ //ТЬ[2] *несов.* 1) *что, чем (кривить)* гьетIизабизе, хъвалсазабизе, кIичIизабизе; **~ть глаза́** (*глазами*) берал хъвалисинаризе; **~ть рот** кIал кIичIизабизе 2) (*быть косым*) хъвалисине; **у него́ оди́н глаз ~т** гьосул цояб бер хъвалисараб буго(хъвалисун буго)

КОСИ́ ТЬСЯ *несов.* 1) гьетIизе 2) (*смотреть искоса, сбоку*) хъвалисун балагьизе 3) *на кого-что перен.* мекъи балагьизе

КОСИ́ ЧКА *ж уменьш. от* **коса́**[1]

КОСМАТ//ЫЙ, -ая, -ое 1) *разг.* гъал-гъаларав; бахараб, керчаб; **~ый медве́дь** гъал-гъаларав ци; **~ая ша́пка** гъал-гъаларав тIагъур 2) (*растрёпанный*) хуч-хучараб, бигъа-битараб, гьурщгьурщараб; **~ая голова́** хуч-хучараб (*расалъул*) бетIер

КОСМЕ́ТИКА *ж* косметика (*гьумералъе, черхалъе нилъерго квералъ берцинлъи кьей ва гьелъие хIалтIизарулел жал*); **лечёбная ~** даруяб косметика

КОСМЕТИ́ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое косметикияб; **~ое сре́дство** косметикияб сабаб; **~ий кабине́т** косметикияб кабинет

КОСМИ́ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое космосалъул(аб); **~ие лучи́** космосалъул чIорал; **~ий полёт** космосалде боржин; **~ая раке́та** космосалъул ракета; **~ая ско́рость** космосалъулаб хехлъи

КОСМОВИ́ ДЕНИЕ *с* космовидение (*космосалдасан кьолел телепередачаби*)

КОСМОГО́НИЯ *ж* зоб-ракь бижиялъул гIелму

КОСМОГРА́ФИЯ *ж* космография (1 *зоб-ракьалъул хIакъалъулъ баянал; 2 цебе астрономиялъул ва физикияб географиялъул хIакъакъулъ гIаммал баянал кьолеб букIараб цIалул предмет*)

КОСМОДРО́М *м* космодром (*космосалде гуми риччалеб бакI)*

КОСМОЛО́ГИЯ *ж* космология (1 *аслияб куцалда заб-ракь гIуцIараб къагIиядалъул бицунеб гIелму; 2 гьеб гIелмуялда хурхараб астрономиялъул цо бутIа*)

КОСМОНА́ВТ *м* космонавт (*космосалде воржунев чи*)

КОСМОНА́ВТИКА *ж* космонавтика (*космосалде роржиналъул теория ва практика*)

КОСМОНА́ВТКА *ж* космонавтка

КОСМОПОЛИ́Т *м* космополит (*космополитлъиялъул рахъ ккурав чи*)

КОСМОПОЛИТИ́ ЗМ *м* космополитлъи (“*дунялалъулго” цо пачалихъ букIине кколин, дунялалъулго гражданин вукIине кколин, батIаго чIараб миллат букIине бегьуларилан абулеб идеологияб чвахи*)

КО́СМОС *м* космос, тIадгьава, дуниял-гIалам; **освое́ние ~а** космосалде рахин, космос квегъи

КО́СМ//Ы *мн* (*ед.* **~а** *ж*) гьурщараб рас, жуба-гъубараб рас

КОСНЕ́ТЬ *несов.* 1) *в чем* цохIо хIалалда хутIизе, гIунизе; **~ в неве́жестве** жагьиллъиялда хутIизе 2) (*о языке*) бичIчIуларе-блъун лъугьине

КО́СНОСТЬ *ж* гIадатлъун билълъараб жоялда хадув вукIин, цIияб жо къабул гьабунгутIи, нахъа хутIи

КОСНОЯЗЫ́ЧИЕ *с* мацI лъикI бицун бажарунгутIи, мацI бабади

КОСНОЯЗЫ́ЧНЫЙ, -ая, -ое мацI лъикI бицун бажарулаерев, мацI бабадулев; бичIчIулареб

КОСНУ́ ТЬСЯ *однокр. к* **каса́ться**

КО́СНЫЙ, -ая, -ое нахъа хутIараб, цIияб жоялде ругьунлъичIеб, ругьунаб хьвада-чIвадиялда хутIараб

КО́СО *нареч.* 1) (*криво*) хъвалсан, гIебса 2) *перен. (недружелюбно)* мекъса; **смотре́ть** *на кого-л. ~ лъихъниги* мекъса валагьизе

КОСОБО́К//ИЙ, -ая, -ое хьибил даларав, кIиркъараб, гьетIараб; **~ая избу́шка** хьибилалде гьетIараб рукъ

КОСОВИ́ЦА *ж с.-х.* 1) (*косьба*) реци 2) (*время косьбы*) рецарулеб (рецул) заман

КОСОВИ́ ЩЕ *с* харицелалъул гIоркь

КОСОВОРО́ТКА *ж* хьолбодехун рахалеб габур бугеб гурде

КОСОГЛА́ЗИЕ *с* берал хъвалисин

КОСОГЛА́ЗЫЙ, -ая,-ое хъвалисарал беразул

КОСОГО́Р *м* мугIрул хьибил, гъвел, тIелбай

КОС//О́Й, -ая, -ое **1.** 1) (*наклонный*) бегараб; **~ой по́черк** бегараб хатI 2) (*кривой, перекошенный*) гьетIараб, кIиркъараб; **~ой плете́нь** гьетIараб чали, хьури 3) (*о проборе*) хъвалсараб; **причеса́ть во́лосы на ~ой пробо́р** хъвалсараб мухъ гьабун бетIер ххазе 4) (*косоглазый*) берал хъвалисараб 5) *перен. (недружелюбный)* мекъи балагьараб, рокьукъаб; **бро́сить ~ой взгляд** рокьукъго балагьизе **2**. *в знач. сущ.* **~о́й** *м* (о зайце) берал хъвалис ◊ **~а́я са́жень в плеча́х** цIакъго кIигъажалъа гIебав, кIигъожода саржин бугев; **~о́й у́гол** *мет.* хъвалсараб бокIон

КОСОЛА́ПИТЬ *несов.* жани-жанире руссинарун хIатIалги чIун билълъине

КОСОЛА́ПЫЙ, -ая, -ое 1) хъалъаяб, хIатIал кIичIараб, мекъса хIатIалги чIун, билълъунеб; **~ медве́дь** мекъса хIатIалги чIун, билълъунеб ци 2) *перен. разг. (неуклюжий)* тантрахъаб, чIанкI гьечIеб

КОСОРО́ТЫЙ, -ая, -ое *разг.* кIал кIичIараб

КОСОРУ́КИЙ, -ая, -ое 1) квер кIичIарав 2) *перен. разг.* чIанкI гьечIев, кверазда махщел гьечIев

КОСТЁЛ *м* костел *(Польшаялда католиказул килиса)*

КОСТЕНЕ́ТЬ *несов.* тIилгIазе, гамачI гIадин къвакIун чIезе **~ от хо́лода** цIорон тIилгIазе (къвакIизе)

КОСТЁР *м* къватIиб бакараб цIа; бухIулеб жоялъул гохI

КОСТИ́СТ//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*шрококостный*) ракьа гIебаб; **~ая фигу́ра** чIахIияб, гIебаб ракьаялъул къаркъала 2) *см.* **костля́вый**

КОСТИ́ТЬ *несов. кого-что прост.* гIемер гIайибал чIвазе, вагъизе, семизе

КОСТЛЯ́ В//ЫЙ, -ая, -ое 1) ракьа-кIача къватIибе бараб, азараб, цIакъго хIалакъаб; **~ые ру́ки** азарал кверал 2) (*о рыбе*) ракьа гIемераб; **~ая ры́ба** ракьа гIемераб ччугIа

КО́СТНЫЙ, -ая, -ое ракьаялъул(аб), рокьол(аб), рукьбузул)аб); **~ туберкулёз** рукьбузул туберкулез; **~ клей** рокьол сину ◊ **~ мозг** *анат.* рокьолнах

КО́СТОЧКА *ж* 1) *уменьш. от* **кость** 2) (*плода*) гага, пурчIун; **~ сли́вы** кокомил пурчIун 3) (*на счетах*) чIум 4) бекI (*ру-*

ччабазул гурдида берцинлъиялъе букъулеб металлалъул яги магьидул жо)

КОСТЫ́ Л//Ь *м* 1) къвалакь чIвалеб тIил, гIанса 2) (*длинный гвоздь с загнутым концом*) бетIер кIичIизабураб халатаб бицатаб магI 3) *ж.-д. (для шпал) рельс щула гьабизе* шпалазда чIвалеб гъанцIамагI

КОСТ//Ь *ж* 1) ракьа 2) *мн.* **~и** (*останки*) ракьа-кIачар, ракьа-макъар ◊ **слоно́вая ~ь** магьи; **промо́кнуть до ~ей** цIалтун виччизе; **пересчита́ть ~и** *кому-л.* кутакалда вухизе; **до мо́зга ~е́й** ахиралде щун, унго-унгояб куцалъ, щвалде щун; **ко́жа да ~и** ракьаги тIомги (*цIакъго хIалакъаб*)

КОСТЮ́ М *м* ретIел, костюм; **дома́шний** ~ рокъоб ретIунеб ретIел; **рабо́чий** ~ хIалтIул ретIел; **маскара́дный** ~ маскарада-лъул костюм

КОСТЮ́МН//ЫЙ, -ая, -ое костюмалъул(аб), костюм гьабулеб; **~ая ткань** костюм гьабулеб ххам

КОСТЮМЕ́РНАЯ *ж* костюмерная (*театралда артистазул ретIел цIунулеб рукъ*)

КОСТЯ́К *м* 1) (*скелет*) ракьа-кIача, скелет 2) *перен. (основа)* аслу

КОСТЯН//О́Й, -а́я, -о́е рокьол(аб), ракьаялъул(аб); **~а́я мука́** рокьол ханжу; **~о́й нож** рокьол (*гьабураб*) нус

КОСТЯ́ШК//А *ж разг.* 1) рокьол кесек; **~и па́льцев** килщигьодал 2) (*на счетах*) счетазул чIум

КОСУ́ ЛЯ *ж зоол.* гIалхул цIцIе

КОСЫ́НКА *ж* косынка, лъабокIонаб тIадагьаб кверлъин, кIатIи

КОСЬБА́ *ж* реци

КОСЯ́К[1] *м (дверной, оконный)* хвен 2) (*стая рыб, птиц*) (*хIанчIазул, ччугIбузул къокъа*) тIел, руккел 3) (*лошадей*) цо бартигун бугеб гIулбузул илхъи

КОТ *м* бихьинкето ◊ **~ напла́кал** *разг.* цIакъго дагь

КОТА́НГЕНС *м мат.* котангенс

КОТЁЛ *м* хьаг; **парово́й ~** хIухьлал хьаг ◊ **а́томный ~** атомалъулаб реактор; **о́бщий ~** дандбараб магIишат, росдал хьаг; **попа́сть в ~** *воен.* сверун кквезе, жанир разаризе

КОТЕЛО́К *ж* 1) *уменьш. от* **котёл** 2) (*головной убор*) тIасияб рахъги гургинаб кIвакIараб бихьиназул шляпа (такъия) ◊ **~ у него́ не ва́рит** гъосул бетIер хIалтIулеб гьечIо

КОТЕ́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое **1.** хьагал гьарулеб; **~ый заво́д** хьагал гьарулеб завод **2.** *в знач. сущ.* **~ая** *ж* хIухьлал хьагал лъураб рукъ

КОТЕ́ЛЬЩИК *м* 1) хьагазул устар 2) хIухьлал хьагазул специалист

КОТЁНОК *м* (*мн.* **котя́та**) катитIинчI

КО́ТИК *м* 1) *уменьш. от* **кот** 2) *зоол.* котик (*ралъдал кето ва гьелъул цIоко*); **воротни́к из ~а** котикалъул цIакил гьабураб габур (воротник)

КО́ТИКОВЫЙ, -ая, -ое котикалъул(аб), котикалъул гьабураб; **~ воротни́к** котикалъул гьабураб габур

КОТИ́РОВАТЬСЯ *несов.* 1) *фин. (цениться)* багьа букIине 2) *перен.* кьадруялда букIине

КОТИ́ ТЬСЯ *несов.* къинлъизе (*кето, чахъу, цIцIе, гIанкI*)

КОТЛЕ́Т//А *ж* котлета; **бара́ньи ~ы** гIиял гьанал котлетал

КОТЛОВА́Н *м* кьучI (*кьучI лъезе бухъараб бакI*)

КОТЛОВИ́ НА *ж* жаниблъи, гьварилъи, танки́

КОТО́МКА *ж* мугъзада баччулеб таргьа, сапартаргьа

КОТО́Р//ЫЙ, -ая, -ое *мест.* 1) *вопр.* кинаб, чан; **~ый из вас?** нужер кинав?; **~ый час?** чан тIубан бугеб? 2) *неопр.* кигIан; **~ый день тебя́ на у́лице не ви́дно** кигIан заман бугеб мун кIватIив вихьичIелдаса 3) *отн. (в придат. предл.)*: **принеси́ кни́ги, ~ые ты взял** дуца росарал тIахьал росун вачIа 4) *неопр. (уж не первый)* чан нухалъ; **~ый раз я спра́шиваю** чан нухалъ дица гьикъулеб бугеб 5) цо-цояб; **~ые ушли́ , а ~ые легли́ отдыха́ть** цо-цоял ана, цо-цоял хIухьбахъи гьабизе регана

КОТО́РЫЙ-ЛИБО (*хадуселъул*) кинаб бугониги

КОТО́РЫЙ-НИБУДЬ *мест. см.* **како́й-нибудь**

КОТТЕ́ДЖ *м* коттедж (*шагьаралдаса кIватIибегIан бараб лъикIаб, санагIалъи бугеб рукъ, мина*)

КО́ФЕ *м нескл.* къагьва, кофе; **вари́ть ~** къагьва гьабизе; **чёрный ~** чIегIераб къагьва; **~ с молоко́м** рахь жубараб къагьва

КОФЕВА́РКА *ж* къагьва гьализабулеб алат, кофеварка

КОФЕ́ЙНИК *м* кофейник (*кофе гьабулеб, гьеб жанибе тIолеб цIараг1)*

КОФЕ́ЙН//ЫЙ, -ая, -ое 1) кофеялъул(аб),; **~ые планта́ции** кофеялъулал плантациял (*кофе гIезабулел кIудиял магIишатал*)

КОФЕМО́ЛКА *ж* кофе ххунеб алат

КО́ФТА *ж* кофта (*юбкаялда цадахъ ретIунеб руччабазул гурде*)

КО́ФТОЧКА *ж уменьш. от* **ко́фта**

КОЧА́Н *м* 1) хъапустаналъул бетIер 2) *обл. (початок кукурузы)* хIокIидацIоросаролъ

КОЧЕВА́ТЬ *несов.* гочаризе, цо бакIалдаса цоги бакIалде гочун, магIишат гьабизе

КОЧЁВКА *см.* **кочёвье**[1]

КОЧЁВНИК *м* гочарухъан

КОЧЁВНИЦА *ж* гочарухъан

КОЧЕВ//О́Й, -ая, -ое гочарулеб, гочариялда хурхараб; **~ое племя́** гочарулеб къавм; **~а́я жизнь** гочариялда хурхараб гIумру, гочарун гьабулеб гIумру

КОЧЁВЬЕ *с* 1) (*по гл.* **кочева́ть**) гочарулеб ракь 2) (*стоянка*) гочарухъабазул чIел, гочарухъаби чIараб бакI

КОЧЕГА́Р *м* кочегар (*хIухьлал хьагал роркьулев, гьезда гъоркь цIа бакулев чи*)

КОЧЕГА́РКА *ж* кочегарка (*хIухьлал хьагал жанир ругеб рукъ*)

КОЧЕНЁТЬ *несов.* къвакIизе, тIилгIазе, гIунизе, ругьине; **~ от хо́лода** квачан тIилгIазе, квачан хвезе

КОЧЕРГА́ *ж* корол хIара

КОЧЕРЫ́ ЖКА *ж* капустаналъул хIокI

КО́ЧКА *ж* гохIккел (*рагьлилаб гIурдада кIанцIараб талма*)

КОЧКОВА́ТЫЙ, -ая, -ое гохIккелал ругеб, талмаби гIемераб

КОША́Ч//ИЙ, -ья, -ье катил(аб); **~ьи глаза́** катил (*гIадал*) берал ◊ **~ий конце́рт** кутузул мимиди; данде кколареб кечIги бакъанги

КОШЕЛЁК *м* бухча, кошелек, киса

КОШЁЛКА *ж разг.* хьухьун гьабураб сумка, корзина

КО́ШЕНЫЙ, -ая, -ое бецараб; **~ луг** бецараб харибакI; **~ овёс** бецараб ниха

КО́ШК//А *ж* 1) кето 2) *тех.* гъанцIа, гъецI 3) *мн.* **~и** малърал, кошки (*телалъул хIубазде рахине хIатIазда ралел жал*) ◊ **знае́т ~а, чье мя́со съе́ла** жинда гIайиб бугесда гьеб якъинго лъала; **живу́т как ~а с соба́кой** кетоги гьойги гIадин руго; **ме́жду ни́ ми чёрная ~а пробежа́ла** гьезда гьоркьоб гьогьен ккана

КОШМА́ *ж* буртина (*гIодоб тIамулеб*)

КОШМА́Р *м* 1) (*тяжелый сон*) квешаб, рокьукъаб макьу 2) (*что-л. ужасное*) гIала-гъожа, бада-гъудур, цебе тIамураб балагь

КОШМА́РН//ЫЙ, -ая, -ое 1) квешаб, рокьукъаб; **~ый сон** рокьукъаб макьу 2) *разг. (скверный, отвратительный)* квешаб, санагIалъи гьечIеб; **~ая пого́да** санагIалъи гьечIеб гьава-бакъ

КОШУ́ [1], ко́сишь *и т.д. наст. от* **коси́ ть**[1]

КОШУ́ [2], ко́сишь *и т.д. наст. от* **коси́ ть**[2]

КОШУ́ СЬ, ко́сишься *и т.д. наст. от* **коси́ ться**

КОЩЁЙ *м* 1) *фольк.* Кощей (*гIурус маргьабалъ хIалакъав, ццидалав, хвел гьечIев херав*) 2) *перен. разг. (о тощем человеке*) азарав чи, хIал гьечIев ворхатав херав чи

КОЩУ́ НСТВО *с щибниги* хIурмат гьабулеб жоялде (чиясде) нахъегIанаб (къабихIаб) бербалагьи

КОЩУ́НСТВОВАТЬ *несов.* киназго хIурмат гьабулеб жо (чи) хIакъир гьабизе (гьавизе), (инжит гьабизе (гьавизе)

КОЭ́ФФИЦИЕ́НТ *м* коэффициент (1 *алгебраялъулаб мисалалда жиндилъ кьабулеб рикIкIен 2 сундулниги хасиятлъул кьадар бихьизабулеб тарих 3 цо тарих батизелъун цогидаб жиндилъ кьабизе кколеб тарих*) ◊ **~ поле́зного де́йствия** пайдаяб ишалъул коэффициент (*кинаб бугониги механизмалъул къуваталда гьоркьоб нилъее пайда бугеб къуват*)

КРАБ *м* краб (*ралъдал гарцIазул цо тайпа*)

КРА́ДЕН//ЫЙ, -ая, -ое 1) бикъараб; **~ые ве́щи** бикъараб къайи 2) *в знач. сущ.* **~ое** *с* бикъараб; **ску́пщик ~ого** бикъараб босулев чи

КРАДУ́ , крадёшь *и т.д. наст. от* **красть**

КРАДУ́ СЬ, крадёшься *и т.д. наст. от* **кра́сться**

КРАДУ́ ЧИСЬ *нареч.* вахчарулаго, балъго, бигьа гьабун; **войти́ ~** вахчарулаго жаниве вачIине

КРАЕВЕ́Д *м* краевед (*улка лъазабулев, машгьуллъизабулев хIалтIухъан, специалист*), гIагараб ракь лъазабулев

КРАЕВЕ́ДЕНИЕ *с* краеведение, гIагараб ракь лъазаби (*тарих, экономика ва гь.ц.*)

КРАЕВЕ́ДЧЕСКИЙ, -ая, -ое краеведениялъул(аб), краеведениялда хурхараб; ~ **музе́й** краеведениялъул музей

КРАЕВОЙ, -ая, -ое краялъул(аб); ~ **комите́т** краялъулаб комитет

КРАЕУГО́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое: ~ **ка́мень** кьучI, бищун кIвар бугеб, аслияб, хIажатаб; ~ **вопро́с** бищун аслияб суал

КРА́ЕШЕК *м разг.* рагIал, мицIир, щомели; **сесть на ~ сту́ла** бакIил рагIалда гIодов чIезе

КРА́Ж//А *ж* цIогь, бикъи; **~а со взло́мом** кIулалги тIезарун гьабураб цIогь; **уличи́ ть** *кого-л.* **в ~е** *щивниги* цIогьодулаго тIад кквезе, цIогь тIад чIезабизе

КРА//Й *м* 1) рагIал, мицIир, щомели; **он живёт на ~ю́ го́рода** гъос шагьаралъул рагIалда гIумру гьабулеб буго; **на ~ю́ обры́ ва** кьурул рагIалда; **края́ стака́на** стаканалъул мицIир; **на ~ю́ кры́ -ши** тIохил щомелиялда 2) (*страна, местность*) улка, ракь; **тёплые ~я́** хинал улкаби; **родно́й ~й** гIагараб ракь 3) (*адлминистративно-территориальная единица*) край; **Ста́вропольский ~й** Ставрополь край ◊ **из ~я в ~й** киса кибего; **конца́ ~ю нет** рагIа-ракьан гьечIо; **то́нкий ~й** хьибилалъул гьан; **слы́шать ~ем у́ха** ракIалдаго гьечIого, рагIизе, махI чIвазе; **хвати́ ть че́рез ~** рекъечIеб жо абизе, цIакъго тIасан ккезе; **ли́ться че́рез ~й** кутакалда воххизе

КРА́ЙНЕ *нареч.* цIакъ, цIакъго, кутакалда; ~ **поле́зное де́ло** цIакъ пайдаяб иш; ~ **необходи́мо** кутакалда къваригIун (хIажат) буго

КРА́ЙН//ИЙ, -яя, -ее 1) (*находящийся на краю*) бищун рагIалда бугеб, рикIкIадисеб; **~ий дом** бищун рагIалда бугеб рукъ 2) (*предельный*) ахирисеб, тIарамагъадисеб; **~ий срок** ахирисеб болжал 3) (*очень сильный*) цIакъ кIудияб; **~яя нужда́** цIакъ кIудияб хIажалъи 4) (*непримиримый*); рекъел тарав; **~ий реакционе́р** рекъел тарав реакционер ◊ **в ~ем слу́чае** ресго къотIани; **по ~ей ме́ре** щиб кканиги, тIокIаб рес батичIони, дагь гьечIого; **~ее возмуще́ние** кIудияб разилъунгутIи, рази гьечIолъи

КРА́ЙНОСТ//Ь *ж* 1) (*крайняя степень*) бищун тIасияб даража, тIарамагъадисеб гIурхъи, гIорхъолъа борчIи; **от одно́й ~и к друго́й** цо бегьулареб жоялдаса цогидалде 2) (*тяжелое положение, нужда*) мискинлъи, язихълъи, малъкъосин; **дойти́ до ~и** цIакъго язихълъизе; **до ~и** (*весьма, очень*) цIакъго кутакалда

КРАН[1] *м* кран, крант; **водопрово́дный ~** лъел рогIразда лъураб (*лъел рогIразул*) крант

КРАН[2] *м техн.* кран; **подъёмный ~** бакIлъи борхулеб кран

КРАНОВЩИ́ К *м* крановщик, кранчи (краналада хIалтIулев чи)

КРАНОВЩИ́ЦА *ж* крановщица, кранчIужу (краналда хIалтIулей чIужу)

КРА́ПАТЬ *несов. (о дожде)* тIенкIезе, щенезе

КРАПИ́ ВА *ж* мичI

КРАПИ́ ВНИЦА *ж* 1) *мед.* мичIиунти 2) (*бабочка*) (*мичIида хIапаро лъолеб чараб*) кIалкIучI

КРАПИ́ ВНЫЙ, -ая, -ое мичIил(аб)

КРА́ПИНК//А *ж* гьитIинаб тIанкI; **га́лстук с ~ами** гIисинал тIанкIал ругеб галстук

КРАС//А́ *ж* берцинлъи, чIухIи, къачIай, гьайбатлъи, исбагьилъи; **~а́ и го́рдость нау́ки** гIелмудал берцинлъиги чIухIиги ◊ **во все́й ~е́** гьайбатлъиялда

КРАСА́ВЕЦ *м* 1) берцинав, гьайбатав чи 2) (*о ком-чем-о. очень красивом*) гьайбатаб; ~ **го́род** гьайбатаб шагьар

КРАСА́ВИЦА *ж* 1) берцинай чIужугIадан, гьайбат 2) (*о ком-чем-л. очень красивом*) гьайбатаб; ~ **Во́лга** гьайбатаб Волга

КРАСИ́ В//ЫЙ, -ая, -ое 1) берцинаб, гьайбатаб; **~ый челове́к** берцинав чи; **~ая му́зыка** берцинаб бакъан-къоно 2) (*в нравственном отношении*) ракI рекъолеб, разияб, берцинаб; **~ый посту́пок** ракI рекъолеб, гьайбатаб иш

КРАСИ́ ЛЬНЯ *ж* ххамал релъунеб мастерская, цех, релъарулеб бакI

КРАСИ́ ЛЬЩИК *м* велъарухъан

КРАСИ́ ЛЬЩИЦА *ж* елъарухъан

КРАСИ́ ТЕЛЬ *м* релъен

КРА́СИ//ТЬ *несов. кого-что* 1) (*покрывать, пропитывать краской*) бахине, белъине; **~ть забо́р зелёной кра́ской** гIурччинаб лажбаралъ забор белъине; **~ть ткань** ххам белъине 2) *кого-что (украшать)* берцин гьабизе, чIухIизабун къачIазе; **труд ~т челове́ка** хIалтIуца гIадан берцин гьавула

КРА́СИ//ТЬСЯ *несов.* 1) (*пачкаться*) чороклъизе, бахине; **дверь ещё ~тся** нуцIида жеги релъен бахунеб буго 2) (*покрываться, пропитываться краской*) бахине, рекIине, белъине; **мате́рия хорошо́ ~тся** ххамица кьер лъикI босулеб буго 3) (*красить лицо, губы и т.п.)* белъине (*гьумер-кIал*)

КРА́СК//А[1] *ж* лажбар, релъен; **си́няя ~а** хъахIилаб лажбар 2) *мн.* **~и** (*тон, цвет, колорит*) кьерал; **я́ркие ~и пейза́жа** тIабигIаталъул гвангъарал кьерал 3) (*румянец*) багIарлъи; **~а стыда́** ничалъул багIарлъи ◊ **вогна́ть** *кого-л.* **в ~у** нечезавизе; **описа́ть в я́ рких ~ах** беццун бицине, кутакалда махщалида цебе чIезабизе; **сгусти́ть ~и** кIодо гьабизе, кIодо гьабун, бихьизабизе (бицине)

КРА́СК//А[2] *ж* (*по гл.* **кра́сить**) белъин, кьер лъугьинаби; **отда́ть пла́тье в ~у** гурде белъине кьезе

КРАСНЕ́//ТЬ *несов.* 1) (*становиться красным*) багIарлъизе; **не́бо ~ет от зака́та** бакъ тIерхьунеб мехалъ (тIерхьунаго), зоб багIарлъула; **~ть от стыда́** нечон багIарлъизе 2) (*виднеться – о красном*) багIарлъи чIван бихьизе 3) *перен. (стыдиться)* нечезе; **~ть** *за кого-л. щивниги сабаблъун* нечезе

КРАСНОАРМЕ́ЕЦ *м* багIараскарияв

КРАСНОБА́Й *м неодобр.* гIадада гIемер гаргадулев чи, чIухIараб (чIобогояб) хабар бицунев чи

КРАСНОВА́ТЫЙ, -ая, -ое багIарккараб, багIараб кьер чIвараб, багIарсияб

КРАСНОГВАРДЕ́ЕЦ *м* багIараб гвардиялъулав

КРАСНОЗЕ́М *м* багIаракь (*гъорлъ маххги туриги гIемераб ракь*)

КРАСНОЗНАМЁННЫЙ, -ая, -ое БагIараб Байрахъалъул орден босараб; ~ **полк** БагIараб Байрахъалъул орден босараб полк

КРАСНОКО́ЖИЕ *мн.* тIом багIарал, багIараб тIом бугел (*Америкаялъул индейцал*)

КРАСНОРЕЧИ́ ВЫЙ, -ая, -ое 1) (*обладающий красноречием*) пасихIаб кIалъаялъул; ~ **ора́тор** пасихIаб кIалъаялъул оратор 2) *перен. (ясный, убедительный)* къватIибе загьираб, якъинаб, баянаб; ~ **взгляд** рекIел хIал загьир гьабураб балагьи; ~ **факт** якъинаб хIужжа

КРАСНОРЕ́ЧИЕ *с* пасихIлъи, кIалъазе пагьму букIин

КРАСНОТА́ *ж* багIарлъи; ~ **лица́** гьурмал багIарлъи; ~ **в го́рле** щокъроб лъугьараб багIарлъи

КРАСНОЩЕ́КИЙ, -ая, -ое кIаркьен багIараб, гIоно багIараб

КРАСНУ́ ХА *ж мед.* краснуха (*тIомоде багIарал тIанкIал рехулеб лъималазул иргадул унти*)

КРА́СН//ЫЙ, -ая, -ое 1) багIараб; **~ое зна́мя** багIараб байрахъ 2) *в знач. сущ.* **~ые** *мн.* багIарал; **~ые за́няли го́род** шагьар багIараз ккуна ◊ **Красная Армия** БагIараб Армия; **~ая доска́** багIараб хъарщи; **~ая ры́ба** багIараб ччугIа; **~ая строка́** *полигр.* цIияб мухъ, абзац; **~ая цена́** бищун тIадегIанаб багьа; **для ~ого словца́** рагIул бегIерлъи (пасихIлъи) бихьизабизелъун; **проходи́ть ~ой ни́тью** аслияб пикрулъун букIине, якъинго батIабахъун бихьизе; **долг платежо́м кра́сен** *посл.* налъи бецIараб беццулеб (*налъи рецIелалъ берцинаб*)

КРАСОВА́ТЬСЯ *несов.* 1) (*выделяться своей красотой*) берцинлъун цебе букIине, берцинго бихьизе 2) (*любоваться собой*) жиндирго берцинлъи бихьизабизе, жиндирго берцинлъиялдаса чIухIизе

КРАСОТА́ *ж* берцинлъи; кинабго берцинаб, гьайбатабщинаб жо

КРАСО́ТКА *ж разг.* берцинай, меседу, берцен

КРА́СОЧНОСТЬ *ж* гвангъи, кунчI-кунчIи; краскабаз гьабун букIин

КРА́СОЧН//ЫЙ, -ая, -ое 1) релъаби гьару́леб; **~ое произво́дство** релъаби гьарулеб производство 2) *перен. (яркий, выразительный)* гвангъараб, берцинаб, кунчIараб; **~ый язы́ к** берцинаб мацI 3) (*выполненный красками*) релъабазул кумекалдалъун гьабураб, релъабаз бахъараб

КРАСТЬ *несов. кого-что* бикъизе, хъамизе

КРА́СТЬСЯ *несов.* цIогьохъе (балъго) гIагарлъизе; **~ вдоль стены́** кьед ккун (балъго, вихьиларедухъ) ине

КРА́СЯЩ//ИЙ, -ая, -ее релъен гьорлъ бугеб, белъине хIалтIизабулеб; **~ее вещество́** релъен

КРАТ: во сто ~ *уст.* нусго нухалъ, нусцIул

КРА́ТЕР *м* кратер (*вулканалъул кIал*)

КРА́ТК//ИЙ, -ая, -ое къокъаб; **~ий путь** къокъаб нух; **~ий разгово́р** къокъаб кIалъай ◊ **~ие гла́сные** *лингв.* къокъал рагъарал гьаркьал

КРАТКОВРЕ́МЕННЫЙ, -ая, -ое къокъаб заманалъул;**~ о́тпуск** къокъаб заманалъул отпуск

КРАТКОСРО́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое къокъаб болжалалъул; **~ая ссу́да** къокъаб болжалалда бецIизе кколеб къарз

КРА́ТКОСТЬ *ж* къокълъи

КРА́ТН//ЫЙ, -ая, -ое *мат.* 1) нахъе хутIичIого, бикьун унеб 2) *в знач. сущ.* **~ое** бикьун унеб рикIкIен; **де́вять – ~ое трём** ичIго ккола лъабиде бикьун унеб рикIкIен

КРАТЧА́ЙШИЙ, -ая, -ое *превосх. ст. к* **кра́ткий, коро́ткий; ~ путь** бищун къокъаб нух

КРАХ *м* 1) (*банкротство*) биххи, гIарцудаса ватIалъи; **~ ба́нка** банк гIарцудаса батIалъи (биххи) 3) *перен. (неудача, провал*) битIккечIолъи, кIалагъоркье чIвай; **потерпе́ть ~** кIалагъоркье чIвазе

КРАХМА́Л *м* крахмал (*ххурдузул бахъулеб углевод*); **ри́совый ~** пиринчIалъул крахмал

КРАХМА́ЛИТЬ *несов. что* крахмал базе, крахмал билъараб лъадалъ хулизе

КРАХМА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое крахмалалъул(аб), крахмалалда хурхараб; **~ый заво́д** крахмал гьабулеб завод; **~ый кле́йстер** крахмалалъул шириш 2) (*накрахмаленный*) крахмал бараб, крахмал гьорлъ босизабураб; **~ая ска́терть** крахмал гьорлъ босизабураб (крахмалалда гьорлъ ччураб) столалда тIамулеб жо

КРА́ШЕ *сравн. ст. к* **краси́вый**

КРАШЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **кра́сить**) белъин, кьер лъугьинаби; **~ ко́жи** лакай, тIом белъин

КРА́ШЕН//ЫЙ, -ая, -ое белъараб, кьер гьабураб, лажбар бахараб; **~ый пол** лажбар бахараб чIабар; **~ая блонди́нка** *разг.* гьумер-бетIер белъарай рас-муч хъахIчIарай гIадан

КРА́ШУ, кра́сишь *и т.д. наст. от* **кра́сить**

КРАЮ́ХА *ж разг.* чадил кIудияб мочIу, кIудияб макъар

КРАЮ́ШКА *ж уменьш. от* **краю́ха**

КРЕДИ́Т[1] *м бухг.* кредит (*налъи-харж хъвалеб тIехьалъул кваранаб, харж бихьизабулеб гьумер*)

КРЕДИ́Т[2] *м* 1) кредит (*сундуениги гIарац биччай*); **долгосро́чный ~** халатаб болжалалъул кредит 2) *мн.* **~ы** *фин.* кредитал (*хасал харжазе биччараб гIарцул къадар*)

КРЕДИТОВА́ТЬ *сов.* и *несов. кого-что* 1) (*дать что-л. в кредит*) *щибниги жо* къарзалъ кьезе 2) *фин.* гIарац биччазе, кредит биччазе, кьезе; **~ строи́тельство** балеб бакIалъе кредит биччазе

КРЕДИТО́Р *м* кредитор (*къарзалъе къайи яги гIарац кьолеб учреждение, гьединав чи*)

КРЕДИТОСПОСО́БНОСТЬ *ж* къарз нахъ буссинабун бажари

КРЕДИТОСПОСО́БНЫЙ, -ая, -ое къарз нахъ буссинабун бажарулеб

КРЕ́ДО *с нескл. (мировоззрение)* кредо (*гIелмуяда, магIишаталда, политикаялда, жамагIаталда жаниб лъилниги бугеб бербалагьи*); **полити́ческое ~** политикияб кредо

КРЕ́ЙСЕР *м* крейсер (*кIудияб хехаб рагъул гама*)

КРЕ́ЙСЕРСК//ИЙ, -ая, -ое: **~ая ско́рость** гамил яги самолеталъул рекъараб хехлъи

КРЕЙСИ́РОВАТЬ *несов.* 1) (*совершать рейсы*) лъедезе 2) *воен. (нести службу)* хасаб бакIалда хъулухъ гьабун, лъедезе

КРЕ́КИНГ *м техн.* крекинг (1 *чIегIернартил бензин, нарт ва гь.ц. бахъи; 2 гьединаб хIалтIи гьабулеб установка*)

КРЕ́КИНГОВЫЙ, -ая, -ое *тех.* крекингалъул(аб); **~ газ** крекингалъ гьабураб газ

КРЕМ *м в разн. знач.* крем; **~ для лица́** гьурмада бахунеб крем; **пиро́жное с ~ом** крем бахараб пирожное; **сапо́жный ~** хьитазда бахунеб крем

КРЕМАТО́РИЙ *м* крематорий (*жаназаби рухIулеб мина*)

КРЕМА́ЦИЯ *ж* кремация (*хасал печазда жанир жаназаби рухIи*)

КРЕ́МЕНЬ *м* мачIу

КРЕМИ́РОВАТЬ *сов.* и *несов. кого-что* кремация гьабизе

КРЕМЛЁВСК//ИЙ, -ая, -ое кремлиялъул(аб); **~ие сте́ны** Кремлиялъул къадал

КРЕМЛЬ *м* кремль (*некIо гIурусузул шагьаразда жанисеб хъала*); **Моско́вский Кремль** Москваялъул Кремль

КРЕМНЁВ//ЫЙ, -ая, -ое мачIуялъул(аб), мачIу лъолеб; **~ое ружьё** чахъматуманкI

КРЕ́МНИЙ *м* кремний (*хим. элемент, минерал*)

КРЕМНИ́СТ//ЫЙ[1], -ая, -ое ганчIазул цIураб, ганчIал гIемераб; **~ая доро́га** ганчIазул цIураб нух

КРЕМНИ́СТЫЙ[2], -ая, -ое мачIу гьорлъ гIемераб; **~ сла́нец** мачIу гьорлъ гIемераб хIамицIан

КРЕ́МОВЫЙ, -ая, -ое 1) (*из крема, с кремом*) кремалъул гьабураб, крем жаниб лъун гьабураб 2) (*о цвете*) тIогьилккараб, хъахIлъиялде араб тIогьилаб кьералъул, тIорахьалъул кьераб

КРЕН *м* 1) хьолбоде гьетIи; **дать ~** хьолбоде гьетIизе; 2) *перен.* цогидаб хIалтIуде вуссин, цогидал масъалабазде кIвар кьей

КРЕНИ́ //ТЬ *несов. что* цояб рахъалде гьетIизабизе, хьетIизабизе;**си́льный ве́тер ~т ло́дку** кутакаб гьороца раса цояб рахъалде гьетIизабулеб буго

КРЕНИ́ ТЬСЯ *несов.* цояб рахъалде гьетIизе, хьетIизе

КРЕП *м* 1) креп (*чиллайдул ххам*) 2) (*траурная ткань, повязка*) чIегIер бан букIин бихьизе бухьунеб чIоло (чIегIер баялъул чIоло) яги гьорлъан канлъи бихьулеб беразда цебе балеб ххам

КРЕПДЕШИ́Н *м* крепдешин (*чиллайдул ххамил тайпа*)

КРЕПДЕШИ́НОВ//ЫЙ, -ая, -ое крепдешиналъул(аб); **~ое пла́тье** крепдешиналъул гурде

КРЕПЁЖН//ЫЙ, -ая, -ое: **~ый лес** *горн.* шахтабазул къадал щулалъизаризе лъолеб хъарщи-цIул; **~ые дета́ли** *тех.* машиналъул бутIаби цолъизарулел (щула гьарулел) деталал

КРЕПИ́ ЛЬЩИК *м* крепильщик (*шахтаби щула гьарулев чи*)

КРЕПИ́ //ТЬ *несов. что* 1) *в разн. знач.* щулалъизабизе; **~ забо́й** шахта щулалъизабизе;**~ть связь нау́ки с произво́дством** производствоялъулгун гIелмуялъул бухьен щулалъизабизе 2) *безл. (о желудке*) сваризабизе (*кванирукъ*); **больно́го ~т** унтарасул гъиз сварулеб буго

КРЕПИ́ТЬСЯ *несов.* къвакIизе, къо хIехьезе (*содержаться*); яхI гьабизе, сабру гьабун, чIезе (*бодриться*)

КРЕ́ПК//ИЙ, -ая, -ое 1) къвакIараб, щулияб, къуватаб; **~ое де́рево** щулияб гъветI; **~ий оре́х** къвакIараб цIулакьо; **~ая верёвка** щулияб квар; **~ие боти́нки** щулиял ботникаби; **~ое сло́во** щулияб рагIи; **~ий чай** къвакIараб чай; **~ий ве́тер** кутакаб гьури 2) (*здоровый*) тазаяб, сахаб; **~ий органи́зм** тазаяб черх 3) *перен. (стойкий)* гучаб, загьаб, залимаб; **~ий челове́к** гучав чи ◊ **~ий таба́к** къвакIараб тамахьо; **~ое словцо́** *разг.* кьварараб рагIи, бадибе абураб рагIи

КРЕ́ПКО *нареч.* къвакIун, кутакалда цIакъ; **~ пораба́тали** кутакалда цIакъ хIалтIана; **~ – на́крепко** *разг.* кутакалда къвакIун, кутакалда цIакъ

КРЕПЛЕ́НИ//Е *с* **1.** (*по гл.* **крепи́ ть**) щулалъизаби; **~е забо́я** шахта щулалъизаби **2.** (*приспособление*): **лы́жные ~я** лыжабазул рахаял

КРЕ́ПН//УТЬ *несов.* щулалъизе; **~ет дру́жба наро́дов** халкъазул гьудуллъи щулалъулеб буго

КРЕПОСТНИ́К *м ист.* рагIиятчи

КРЕПОСТНИ́ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое *ист.*: **~ое хозя́йство** рагIиятчиясул магIишат

КРЕПОСТНИ́ЧЕСТВО *с ист.* рагIиятчилъи

КРЕПОСТН//О́Й[1], -а́я, -о́е **1.** *ист.* рагIиятлъиялъулаб, рагIиятлъиялда хурхараб; **~о́й крестья́нин** рагIиятлъиялда вугев векьарухъан; **~о́е пра́во** рагIиятчилъиялъе ихтияр **2.** *в знач. сущ.* **~о́й** *м*, **~а́я** *ж* рагIиятлъиялда вугев, рагIиятлъиялда йигей

КРЕПОСТН//О́Й[2]**,** -а́я, -о́е хъалаялъул(аб); **~а́я артилле́рия** хъалаялъул гIарадаби

КРЕ́ПОСТЬ[1] *ж* хъала, щулалъи

КРЕ́ПОСТЬ[2] *ж* къвакIи, щулалъи (*прочность*); кутаклъи (*сила*); **~ вина́** чагъиралъул къвакIи; **~ ка́мня** ганчIил щулалъи; **~ хара́ктера** хасияталъул къвакIи; **~ раство́ра** растворалъул къвакIи

КРЕПЧА́//ТЬ *несов.* кутаклъизе, гучлъизе, тIаде цIикIкIине; **моро́з ~л** цIорой кутаклъулеб букIана

КРЕПЫ́ ШИ *м разг.* къвакIараб черхалъул чи (яги вас), чорхолъ витIарав чи

КРЕ́СЛО *с* тахбакI, кресло

КРЕ́СТ *м* 1) хъанч; **~ на це́ркви** килисаялда тIад хъанч 2) (*знак отличия*) хъанч, орден, гIуж; **Геóргиевский ~** Георгил хъанч ◊ **Óбщество Крáсного Крестá и Крáсного Полумéсяца** БагIараб Хъанчил ва БагIараб Бащдаб моцIалъул Общество (*рагъда унтаразе, лъукъаразе кумекалъе бугеб организация*) ◊ **поста́вить ~** *на ком-чем-л.* тIасан хIучч цIазе (*хьул къотIизе*)

КРЕСТЕ́Ц *м анат.* гьодил ахалъи, рачIагьод

КРЕ́СТИК *м уменьш. от* **крест; поста́вить ~ про́тив его́ фами́лии** гъосул фамилиялда аскIоб гIуж базе (гьабизе)

КРЕСТИ́НЫ (*мн.*) (*обряд*) христиан диналде чи воси ва гьелда хурхун гьабулеб квана-гьекъей (*насраниявлъун (христианавлъун) гьавиялъул гIадат)*

КРЕСТИ́ ТЬ *несов. кого-что* 1) (*совершать обряд крещения*) христиан диналде восизе 2) (*делать рукой знак креста*) квералъ хъанчил сурат лъугьинабизе ◊ **мне с ним детéй не ~** гьесулги дирги кинабгIаги гьоркьоблъи букIине гьечIо

КРЕСТИ́ТЬСЯ *несов.* 1) (*подвергаться обряду крещения*) христиан дин босизе 2) (*при молитве*) квералъ хъанчил сурат-сипат лъугьинабизе

КРЕСТ-НА́КРЕСТ *нареч.* хъанчил къагIидаялда (сураталда)

КРЕ́СТНИК *м* крестник (христиан диналде восарав вас)

КРЕ́СТНИЦА *ж* крестница (христиан диналде йосарай яс)

КРЕ́СТНЫЙ, -ая, -ое хъанчил; **~ ход** хъанчал (байрахъал, ГIисал сураталъ) росун, къватIире рахъин

КРЁСТН//ЫЙ, -ая, -ое **1.: ~ый оте́ц** христиан диналде чи (*лъимер*) восулеб мехалъ, рухIияв эменлъун вукIарав чи **2.** *в знач. сущ.* **~ый** *м* христиан диналде чи восиялда гIахьаллъарав **3.** *в знач. сущ.* **~ая** христиан диналде чи восиялда гIахьаллъарай

КРЕСТОВИ́ НА *ж* хъанчил хIисабалда цолъизарураб кIиго квен (*цIулал, маххул ва гь.ц.*)

КРЕСТО́ВЫЙ, -ая, -ое хъанчилаб ◊ **~ похо́д** *ист.* хъанчилаб чабхъен (XI-XIII *гIасрабазда бакъатIерхьул Европаялъул рыцараз бакъбаккуде гьарурал чабхъеназда цIар*)

КРЕСТОНО́С//ЦЫ *мн. ист.* (*ед.* **~ец** *м*) хъанчилаб чабхъеналъул гIахьалчагIи

КРЕСТЬЯ́ НИН *м* векьарухъан

КРЕСТЬЯ́ НКА *ж* екьарухъан

КРЕСТЬЯ́НСК//ИЙ, -ая, -ое векьарухъанасул(аб), рекьарухъабазул(аб); **~ое хозя́йство** векьарухъанасулаб магIишат; **~ие восста́ния** рекьарухъабазул яргъид гIуцIарал дандечIеял

КРЕСТЬЯ́ НСТВО *с собир.* рекьарухъаби; **колхо́зное ~** колхозазда ругел рекьарухъаби

КРЕТИ́Н *м* кретин (*кретинизмалъ унтарав чи*); *прост.* гIадалав чи, гьагав чи

КРЕТИНИ́ ЗМ *м* кретинизм (*чорхол унтиялдалъун, психикияб цебетIей чIунхутIиялдалъун лъугьунеб унти); перен*. гIадаллъи, лъавукъльи, нахъеккей

КРЕЩЕ́НИЕ *с рел.* 1) (*обряд*) христиан диналде воси; гьатIаналда вухьинави 2) (*церковный праздник*) ГIиса-аварагасул дин босиялъул хIурматалда тIобитIулеб байрам ◊ **боево́е ~** тIоцебесеб нухалъ рагъда гIахьаллъи

КРЕЩЁННЫЙ, -ая, -ое христиан диналде восарав, христианавлъун лъугьарав

КРЕЩУ́ (СЬ), КРЕСТИ́ШЬ(СЯ) *и т.д. наст. от* **крести́ -ть(ся)**

КРИВИЗНА́ *ж* гьетIи́ , кIичIи́ , кIиркъи́

КРИВИ́ТЬ *несов. что* гьетIизабизе, кIичIизабизе, кIиркъизабизе; **~ рот** кIал кIичIизабизе ◊ **~ душо́й** намус бичизе, гьереси бицине, кIигьумерчилъи гьабизе, намусалда рекъолареб жо абизе

КРИВИ́ТЬСЯ *несов.* 1) (*кривить рот, лицо*) кIичIизе, гьетIизе, кIиркъизе 2) (*становиться кривым*) кIичIун ине, кIиркъун ине, гьетIун ине

КРИВЛЯ́ КА *м , ж разг.* кIичIардухъан, гогьма

КРИВЛЯ́ ТЬСЯ *несов.* кIичIардизе, гогьдаризе

КРИ́ ВО *нареч.* кIичIун, гьетIун, кIиркъун; **~ улыба́ться** кIал кIичIун, гьимизе

КРИВОБО́К//ИЙ, -а́я, -о́е хьибил гьетIараб, хьибилалде гьетIараб; **~ие доми́шки** хьибилалде гьетIарал рукъзал

КРИВ//О́Й, -ая, -ое **1.** 1) (*изогнутый*) кIичIараб, хьетIараб, гьетIараб 2) (*покосившийся*) цо рахъалде гьетIараб 3) *разг. (одноглазый*) бер бахъараб (*беццаб*) **2**. *в знач. сущ.* **~а́я** *ж мат.* гьетIараб хIучч ◊ **~ое зе́ркало** сипат хисизабулеб матIу

КРИВОЛИНЕ́ЙНЫЙ, -ая, -ое гьетIарал мухъаз лъугьинабулеб

КРИВОНО́ГИЙ, -ая, -ое хIатIал кIичIараб (*гьетIараб*), хъалъаяб

КРИВОРО́ТЫЙ, -ая, -ое кIал кIичIараб (*гьетIараб*)

КРИВОТО́ЛКИ *мн. разг.* мекъал (*кьучI гьечIел, гIантал*) пикраби

КРИ́ЗИС *м* кризис (1 *сундулъниги хехаб, циндагояб хиси ккей; 2 цIикIкIун унтиялде яги сахлъиялде сверизе бегьулеб унтарасул хIал (гьоркьоб заман); 3 щибниги жо цIакъго цIикIкIиналъ яги цIакъго дагьлъиялъ лъугьинабураб хIал; 4 разг. (лъилниги) захIматаб хIал*) ◊ **прави́тельственный ~** хIукуматалъул кризис (*политикиял дандеккунгутIабаз хIукумат хисиялде рачин*)

КРИ́ЗИСН//ЫЙ, -ая, -ое кризисалъул(аб); **~ое состоя́ние** кризисалъулаб хIал

КРИК *м (кутакаб)* гьаракь, ахIи, гIергIеди, чIичIиди; **~ о по́мощи** кумек гьабеян ахIулеб гьаракь ◊ **после́дний ~ мо́ды** бищун ахиралда баккараб ратIлил форма

КРИКЛИ́В//ЫЙ, -ая, -ое 1) чIичIидулеб, гIергIедулеб; **~ый ребёнок** чIичIидулеб лъимер 2) (*резкий*) ахIолеб, чIиргьи-хъуй гIемераб; **~ый голос** ахIолеб гьаракь 3) *перен.* цIекIаб, бадиб багъулеб; **~ое пла́тье** цIекIаб гурде (*цIакъго кьерал гIемераб*)

КРИ́ КНУТЬ *однокр. к* **крича́ть**

КРИКУ́ Н *м разг.* 1) (*тот, кто кричит*) ахIолев (*чIичIидулев, гIергIедулев*) чи, ахIдеро 2) (*болтун*) ахIи-хIур гIемерав чи, къацандухъан, ахIдеро, къвакъвадиро

КРИКУ́ НЬЯ *ж* ахIолей, чIичIидулей чIужугIадан, ахIдеро, къацандухъан, къвакъвадиро

КРИМИНА́Л *м разг.* такъсирияб иш

КРИМИНАЛИ́СТ *м* криминалист (*криминалиял ишазул специалист*)

КРИМИНАЛИ́СТИКА *ж* криминастистика (*такъсирал къватIир чIвазариялъул, хIужжаби ракIариялъул (лъазариялъул) хIакъалъулъ гIелму*)

КРИМИНА́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое такъсирияб; **~ слу́чай** такъсирияб лъугьа-бахъин, тамихI гьабизе кколеб иш

КРИ́ НКА *ж* (*гIатIидаб кIалги бугеб борхатаб*) рахь тIолеб хъаба

КРИПТОГРА́ФИЯ *ж* криптография (*цогидазда цIализе лъачIого букIине хъвай-хъвагIай хисизабулеб къагIида, балъгояб хъвай-хъвагIай*)

КРИПТО́Н *м* криптон (*хим. элемент, газ*)

КРИСТА́ЛЛ *м* кристалл (*дурусго бокIнахараб, къвакIараб сундулниги бутIа*); **~ы алма́за** алмазалъул кристаллал

КРИСТАЛЛИЗА́ЦИЯ *ж* кристаллизация (*газ яги лъамалъи кристаллалде свери*)

КРИСТАЛЛИЗОВА́ТЬ *сов. и несов.* кристаллазде сверизабизе

КРИСТАЛЛИЗОВА́ТЬСЯ *сов и несов.* 1) кристалл лъугьине, кристаллазул форма лъугьине 2) *перен. (слагаться)* цо хасаб форма лъугьине

КРИСТА́ЛЛИК *м уменьш. от* **криста́лл**

КРИСТАЛЛИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое кристаллалъул(аб), кристаллаздасан гIуцIараб

КРИСТА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*прозрачный*) бацIцIадаб, тIокIкIараб, гьорлъан канлъи бихьулеб, гвангъараб; **~ая вода́** гъ-

орлъан канлъи бихьулеб лъим 2) *перен. (безукоризненный)* бацIцIадаб, абизе рагIи гьечIеб; **~ая душа́** бацIцIадаб ракI

КРИТЕ́РИЙ *м* критерий (*къимат кьеялъул, хIисаб гьабия-лъул роцен*); **найти́ ~** критерий балагьизе (*къимат кьеялъе роцен балагьизе*)

КРИ́ТИК *м* критик, критикачи; **литерату́рный ~** литературияв критик

КРИ́ТИК//А *ж* критика (*къимат кьеялъул, гIунгутIаби ратиялъул мурадалда сундулниги анализ гьаби*); **подве́ргнуть ~е** критика гьабизе ◊ **ни́ же вся́ кой ~и** цIакъ квешаб хIалалда (буго)

КРИТИКА́Н *м* критикан (*кинабго жоялда гIайибал чIвалев, сундаго разилъулерев, киналъулъго цохIо гIунгутIаби рихьулев чи*), сундаго рекъоларев чи

КРИТИКОВА́ТЬ *несов. кого-что* критика гьабизе

КРИТИ́ЧЕСК//ИЙ[1], -ая, -ое критикияб; **~ая статья́** критикияб макъала ◊ **~ий ум** гIелмияб хIалтIи гьабун, ритIухълъи балагьун, бажарулеб гIакълу

КРИТИ́ЧЕСК//ИЙ[2], -ая, -ое 1) (*переломный*) хиси кколеб, сверун унеб; **~ая температу́ра** лъамалъиялдаса хIухьладе (*лъим ва гь.ц.*) сверизабулеб бухIи-цIорой 2) (*тяжелый, опасный*) хIинкъараб, захIматаб, хIалуцараб; **~ое положе́ние** хIинкъараб хIал

КРИЧ//А́ТЬ *несов.* 1) ахIдезе, чIичIидизе; **~а́ть от бо́ли** унтиялъул кутакалъ ахIдезе; **ребёнок ~а́л** (*громко плакал*) лъимер чIичIидулеб букIана 2) (*громко говорить*) (*тIаде*) ахIдезе; **не ~и́, говори́ ти́ хо** ахIдоге, бигьа гьабун кIалъай 3) *кого (звать)* ахIизе (*щивниги*) 4) *на кого (бранить)* вагъизе, семизе; **~а́ть на шалуно́в** гъалмагъир гьабулезде вагъизе 5) *о ком-чем разг. (обсуждать)* ахIунго-ахIун бицине ◊ **хоть кара́ул ~и́** захIматаб, рорчIизе бакI гьечIеб хIалалда

КРИЧА́Щ//ИЙ, -ая, -ое жиндехунго кIвар буссинабулеб, гIорхъолъа борчIараб, цIекIаб; **~ая расцве́тка пла́тья** гурдеялъул цIакъ цIекIаб, бадибе рехулеб кьер

КРОВ *м* мина, тIадхъел, жаниве вуссине бакI; **оста́ться без ~а** жаниве вуссине бакI гьечIого, хутIизе

КРОВА́В//ЫЙ, -ая, -ое 1) биялъ белъараб; **~а́я ра́на** биялъ белъараб ругъун; **~ые ру́ки** биялъ релъарал кверал 2) (*кровопролитный*) бидулаб; би тIураб; **~ая война́** бидулаб рагъ 3) (*о цвете*) бидул кьераб ◊ **~ые слёзы** бухIараб магIу

КРОВА́ТКА *ж уменьш. от* **крова́ть**

КРОВА́ТЬ *ж* кровать

КРО́ВЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое тIохда кколеб, тIохалда хурхараб; тIохалъул(аб); **~ые рабо́ты** тIохда гьарулел хIалтIаби; **~ое желе́зо** тIохда кколеб маххI

КРО́ВЕЛЬЩИК тIохда маххI (шифер) кколев устар

КРОВЕНО́СН//ЫЙ, -ая, -ое би хьвадиялъе бугеб; **~ые сосу́ды** бидурихьал

КРОВИ́ НК//А *ж разг.* бидул къатIра, бидул тIири; **у него́ ни ~и в лице́** гъосул гьурмал кьер тIун буго (гьурмада бидул къатIра гьечIо)

КРО́ВЛ//Я *ж* тIох (*маххI, шифер, щегI ккураб*); **черепи́чная ~я** щегI ккураб тIох ◊ **жить под одно́й ~ей** цо рокъоб гIумру гьабизе (*цадахъ гIумру гьабизе*)

КРО́ВН//ЫЙ, -ая, -ое 1) би жубараб, тIул бикьараб; **~ые ро́дственники** би жубараб гIагарлъи; **~ый брат** тIул бикьарав вац 2) *перен. (близко касающийся)* бищунго кIвар бугеб; **~ый интере́с** бищунго кIвар бугеб интерес 3) *перен. (прочный)* батIатIей гьечIеб, щулияб; **~ые свя́зи** щулиял бухьенал 4) (*породистый*) лъикIаб тайпаялъул, лъугьараб; **~ая ло́шадь** лъикIаб тайпаялъул чу; **~ые де́ньги** (*с трудом добытые*) живго хIалтIун, къо бихьун щвараб гIарац; **~ая вражда́** бидул тушманалъи; **~ая оби́да** кIудияб ракIхвей

КРОВОЖА́ДНЫЙ, -ая, -ое вахIшияб; **~ враг** вахIшияв тушман (бидухъ хIасратав тушман)

КРОВОИЗЛИЯ́НИЕ *с мед.* би тIинкIи; **~ в мозг** гIадалъе (гIадалнахулъе) би тIинкIи

КРОВООБРАЩЕ́НИЕ *с* би хьвади (*тири, кьаби*)

КРОВООСТАНА́ВЛИВАЮЩ//ИЙ, -ая, -ое би чIезабулеб; **~ее сре́дство** би чIезабулеб дару

КРОВОПИ́ЙЦА *м, ж презр.* бидулав, рахIмугьечI, гурхIелгьечI

КРОВОПОДТЁК *м* би речин

КРОВОПРОЛИ́ТИЕ *с* биял гIодоре тIей

КРОВОПРОЛИ́ТНЫЙ, -ая, -ое биял гIодоре тIураб; **~ бой** биял гIодоре тIураб рагъ

КРОВОПУСКА́НИЕ *с* би бахъи (биччай)

КРОВОСМЕШЕ́НИЕ *с* би жубай, гIагарлъиялда гьоркьоб ригьин

КРОВОТЕЧЕ́НИЕ *с* би бачIин (чвахи); **останови́ть ~** би чIезабизе

КРОВОТОЧИ́//ТЬ *несов.* би бачIине (*чвахизе*); **ра́на ~ит** ругънадаса би чвахулеб буго, ругъун бида бецIцIулеб буго

КРОВОХА́РКАНЬЕ *с* би туй, ахтулъун би бачIин

КРОВЬ *ж* би; **разби́ть в ~** (*до крови*) бидухъ базабизе; **останови́ть ~** би чIезабизе ◊ **~ за ~** бидухъ би; **~ с молоко́м** бигун рахь жубараб (биги рахьги жубараб гIадаб берцинаб гьурмал кьер); **~ сты́нет в жи́лах** сири балеб буго, кутакалда хIинкъулев вуго; **пить** *чью-л.* **~** *лъиениги* кутакалда гIазаб кьезе; **по́ртить** *~ кому-л. лъиениги* лазатбахъи гьабизе, къагIида хвезабизе; **проли́ть ~** би гIодобе тIезе; **у́ того в крови́** гьеб гьесулъ вижаралдаса нахъе буго, гьеб буго гьесул хасият, гьеб гьесул бидулъ буго

КРОВЯНИ́СТ//ЫЙ, -ая, -ое гъорлъ би бугеб; **~ая телятина** гъорлъ би бугеб бачил гьан

КРОВЯН//О́Й, -ая, -ое бидул(аб); **~о́е давле́ние** бидул тIадецуй, хIалуцин; **~о́е пятно́** бидул ланг

КРО́ЕТ(СЯ), кро́ются *наст. от* **кры́ть(ся)**

КРОИ́ТЬ *несов. что* лъутIизе; **~ брю́ки** тIажу лъутIизе

КРОЙ *м (покрой)* лъутIи; ратIлил форма

КРО́ЙК//А *ж* лъутIи; **ку́рсы ~и и шитья́** лъутIариялъул ва рукъариялъул курсал

КРОКОДИ́Л *м* крокодил

КРОКОДИ́ЛОВ, -а, -о: **~ы слёзы** хIвелал гьари

КРОКОДИ́ЛОВЫЙ, -ая, -ое крокодилалъул (аб)

КРО́ЛИК *м* рукъалъул гIанкI

КРОЛИКОВО́ДСТВО *с* гIанкIал хьихьи (гIезари)

КРО́ЛИЧ//ИЙ, -ья, -ье гIанкIил, гIанкIил цIакил гьабураб; **~ья ша́пка** гIанкIитIагъур

КРОЛЬ *м спорт.* кроль (*квачI бан, лъим ххай*)

КРОЛЬЧА́ТИНА *ж* гIанкIил гьан

КРОЛЬЧА́ТНИК *м* гIанкIал хьихьулеб бакI (*рукъ*)

КРОЛЬЧИ́ХА *ж* цIуяб гIанкI

КРОЛЬЧ//О́НОК *м* (*мн.* **~а́та**) гIанкIитIинчI

КРО́МЕ *предлог с род. п.* 1) (*исключая*) гурони, хутIизегIан; **~ него́ никого́ не зна́ю** гъов гурони тIокIав чи (щивниги) лъаларо 2) (*вдобавок*) тIадеги, гуребги; **~ я́блонь бы́ло мно́го абрико́совых дере́вьев** гIечул гъутIби гурелги гIемерал куракул гъутI-биги рукIана; **~ того́** гьелда тIадеги ◊ **~ шу́ток** махсара гуро

КРОМЕ́ШН//ЫЙ, -ая, -ое: **ад ~ый** цIакъ захIматаб (*хIехьезе кIоларе*б) хIал; **тьма ~ая** тIубараб, кутакаб бецIлъи

КРО́МКА *ж* 1) мицIир; **~ ткáни** ххамил мицIир 2) (*край чего-л.*) рагIал; **~ льда** цIорол рагIал

КРОМСА́ТЬ *несов. что разг.* къотI-къотIун (бихъ-бихъун) базе; **~ полотно́** хIебет къотI-къотIун базе (тIутIун базе)

КРО́НА[1] *ж (дерева)* гъотIол кар

КРО́НА[2] *ж* крона (*бакътIерхъул Европаялъул цо-цо пачалихъазул гIарцуда цIар*)

КРОПОТЛИ́ВЫЙ, -ая, -ое 1) (*о деле, работе*) тIад чIун гьабизе кколеб, яхI бахъизе кколеб (*хIалти*) 2) (*о человеке*) гIисибикъинаб жо гьоркьоб толарев, тIад чIун хIалтIулев

КРОСС *м спорт.* кросс (*нух квешал бакIаздасан рекери, лыжабазда хъештIей яги мотоциклал рачин*)

КРОССВО́РД *м* кроссворд

КРОТ *м* 1) (*животное*) нухрагIункIкI 2) (*мех*) нухрагIункIкIалъул цIоко

КРО́ТКИЙ, -ая, -ое мутIигIаб, недегьаб, ццин бахъунареб, сабураб, гIодобе биччараб; **~ хара́ктер** недегьаб гIамал; **~ взгляд** сабураб балагьи

КРО́ТОВЫЙ, -ая, -ое нухрагIункIкIалъул цIокодул гьабураб, нухрагIункIкIалъул(аб)

КРО́ХА *м, ж* 1) (*ребенок*) цIакъго гьитIинаб лъимер 2) кесек, горо, тIири, зарра, чIимичI

КРОХОБО́Р *м* барахшарав чи, бегIбек, гIункIкIбечIчI

КРОХОБО́РСТВО *с* барахщи, гIиси-бикъинаб жоялъул бицин

КРО́ХОТНЫЙ, -ая, -ое, **кро́шечный,** -ая, -ое *разг.* гьитIинкIаб, цIакъ гьитIинаб; **~ ребёнок** гьитIинкIаб лъимер

КРОШИ́ ТЬ *несов. что* 1) хъуризе, гIисин гьабизе, бичIчIизе; **~ хлеб** чед хъуризе, бичIчIизе 2) (*мелко нарезать*) буссизе, гIисин гьабун, къотIизе, гIисин гьабизе; **~ лук** пер буссизе ◊ **~ нерия́ теля** цIоб тун тушман гъуризе, щущахъ виххизвизе

КРОШИ́//ТЬСЯ *несов.* хъурун ине, бек-бекун ине, гIисинлъизе; **зуб ~тся** гIус хъурун унеб буго (хъурун бачIунеб буго)

КРО́ШК//А 1) *ж* хъури, ричIчIи, хъура-зури, горо; **хле́бные ~и** чадил ричIчIи́; **мра́морная ~а** мармаралъул хъури 2) *перен. (малое количество*) зарра, къатIра, асар, кесек; **нет ни ~и** къатIраги гьечIо 3) *м, ж разг.* гьитIич; **иди́ сюда́, моя́ ~а** гьание ячIа, дир гьитIич ◊ **ни ~и** (*нисколько, ничуть*) кигIан дагъабниги, расниги

КРУГ *м* 1) (*часть плоскости*) гор; гурга; **пло́щадь ~а** горалъул гIатIилъи 2) (*окружность*) гор; **описа́ть ~** гор бахъизе; **стать в ~** гор гьабун, чIезе 3) **спаса́тельный ~** (*чи гьанкъизе толаре*ф) резинаялъул понцIораб гор 4) *перен. (сфера деятельности*) хIалтIи; **~ заня́тий** гьабулеб хIалтIи 5) *перен. (среда)* сверухълъи, кьокъа; **~ знако́мых** лъалел-хъвалезул кьокъа; **правительственные ~и** хIукуматалъул ишалда ругезул кьокъа ◊ **поля́р-ный ~** полярияб круг; **на ~** (*в среднем*) гьоркьохъеб хIисабалда; **в ~у́ семьи́** хъизаналда гьоркьоб; **голова́ идёт ~ом** бетIер сверулеб буго (*хIалтIул гIемерлъиялъ*)

КРУ́ ГЛЕНЬК//ИЙ, -ая, -ое *уменьш. от* **кру́глый** ◊ **~ая су́мма** гIураб, гIемераб бечелъи (гIарац)

КРУГЛЕ́ТЬ *несов.* гургинлъизе

КРУГЛОГОДИ́ЧН//О *нареч.* тIубараб соналъ, сонхаласа

КРУГЛОГОЛО́ВЫЙ, -ая, -ое гургинаб бетIералъул (*бетIергургин*)

КРУГЛОЛИ́ЦЫЙ, -ая, -ое гургинаб гьумералъул *(гьумергургин*)

КРУГЛОСУ́ТОЧН//ЫЙ, -ая, -ое сордо-къоялъул(аб); **~ая рабо́та** сордо-къоялъул хIалтIи

КРУ́ ГЛ//ЫЙ, -ая, -ое 1) гургинаб; **~ый стол** гургинаб стол; **~ое лицо́** гургинаб гьумер 2) (*полный*) тIубараб, цIубараб; **~ый сирота́** тIубарав бесдалав; **быть ~ым дурако́м** тIубарав гIабдалълъун вукIине; **~ый отли́чник** тIубарав отличник; **~ый ме́сяц** цIубараб моцI ◊ **~ым счётом сто рубле́й** гIага-шагарго нусго гъурущ

КРУГОВ//О́Й, -а́я, -о́е сверда сверун букIунеб (гьабулеб); **~ое движе́ние** сверда сверун хьвади; **~а́я пору́ка:** 1) цояз цоял кквей, цоцазе хIалае рахъин 2) киназего гIаммаб жавабчилъи

КРУГОВОРО́Т *м* чIечIого хисулеб (сверулеб, такрарлъулеб) иш (*лъугьа бахъин*); **~ времён го́да** лъагIалил заманаби заманалдасан цоцаца хиси; **~ жи́зни** нахъаса къотIичIого, цIи-цIияб жо гIумруялда жаниб лъугьин

КРУГОЗО́Р *м* 1) берда бихьизе кIолебгIанасеб сверухълъи 2) *перен.* бичIчIиялъул (лъаялъул) къадар, даража; **расши́рить свой ~** жиндирго лъай борхизабизе (гIатIид гьабизе)

КРУГО́М *нареч.* 1) сверун, сверда сверун, кинабго рахъалдасан; **обойти́ дом ~** рукъалда сверун свери бахъизе; (*вокруг*) киса-кибго, кинабго рахъалъан; сверухъе; **~ тяну́лась степь** киса-кибего сверухъе букIана авлахъ; **~ го́ры** сверухъе мугIрул руго 2) *перен. разг.* тIубан; **~ в долга́х** тIубан налъукье ккун вуго ◊ **~!** (*команда*) кругом! (кьурун вусса!)

КРУГООБОРО́Т *м* тIад свери, свери бахъи; **~ капита́ла** капиталалъ свери бахъи (*гIарац – къайи – гIарац*)

КРУГООБРА́ЗНЫЙ, -ая, -ое гургинккараб, горалда релълъа-раб, гурга гIадаб

КРУГОСВЕ́ТН//ЫЙ, -ая, -ое дунялалда сверухъ гьабулеб, дуниял сверулеб; **~ое путеше́ствие** дуниялалда сверухъ (дуниял сверун) гьабулеб сапар

КРУЖЕВА́ *мн.* (*ед.* **кру́жево** *с*) гуржиба (*ратIида ккколеб угьараб, хьухьараб ххамил чIоло*)

КРУЖЕВНО́Й, -ая, -ое 1) гуржибаялъул 2) *перен. (узорчатый*) накъищалда (гуржибаялда) релълъараб

КРУЖИ́ ТЬ *несов.* 1) *кого-что (заставлять кружиться)* тиризабизе; **~ в та́нце** кьурдулаго тиризавизе 2) (*описывать круги*) свераби рахъизе; **орёл кру́жит над облака́ми** цIумалъ накIкIазда тIад свераби рахъулел руго 3) (*блуждать*) сверсведизе; **~ по ле́су** рохьоб (нух къосун) сверсведизе 4) (*о вьюге, метели*) пузе; **мете́ль кру́жит** гIазугун гъури пулеб буго

КРУЖИ́ ТЬСЯ *несов.* (тIад) тиризе, (тIад)сверизе, свердизе; хIулизе; **~ в ва́льсе** вальс кьурдулаго, тIад тиризе; **~ по ко́мнате** рокъов свердизе; **снежи́нки кружи́лись в во́здухе** гьаваялда гIаздал хIулаби сверулел рукIана ◊ **у меня́ кру́жится голова́** дир бетIер сверулеб буго; **~ с утра́ до ве́чера** (*о хлопотах*) радалалдаса бакъаниде щвезегIан (бакъинегIан) свердизе

КРУ́ ЖКА *ж* кружка, *гIоркь бугеб* гьитIинаб суркIа, гелецI

КРУ́ ЖНЫЙ, -ая, -ое: **~ путь** сверун унеб нух, тIад тирулеб нух

КРУЖО́К *м* 1) *уменьш. от* **круг** 2) (*группа людей*) кружок; **литерату́рный ~** литературияб кружок; **дру́жеский ~** гьудулзабазул свери́

КРУП[1] *м (лошади)* рохокъотIи, къаркъалаялъул нахъисеб рахъ

КРУП[2] *м мед.* круп (*мукъулукъ ва цогидабги гьорой, гьанкъул унти*)

КРУПА́ *ж* 1) (*мн.* **кру́пы**) крупа, курпа (*цо-цо хурдузул кване хIалтIизабулеб тIубараб яги гъурараб мугь*) 2) (*о снеге*) терет, гIазул гIисинал гарал

КРУПИ́ НКА *ж* гьитIинаб мугь, горо

КРУПИ́ Ц//А *ж* зарра, асаргIанасеб горо; дагъа-макъаб къадар; **у него́ нет ни ~ы тала́нта** гъосул дагъа-макъабниги гьунар гьечIо

КРУ́ ПНО *нареч.* чIахIаго, кIодого; **~ наре́зать** чIахIаго буссизе ◊ **~ поговори́ ть** кIудияб (кьвараб) гара-чIвари гьабизе

КРУПНОБЛО́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое чIахIиял блоказул(аб); **~ое строи́ тельство** чIахIиял блоказ балеб бакI

КРУПНОЗЕРНИ́ СТЫЙ, -ая, -ое чIахIияб, хьон чIахIияб

КРУПНОКАЛИ́ БЕРНЫЙ, -ая, -ое гIатIидаб хIараялъу(аб); **~ пулемёт** гIатIидаб хIараялъул пулемет

КРУПНОМАСШТА́БН//ЫЙ, -ая, -ое 1) кIудияб масштаб бугеб; **~ая ка́рта** кIудияб масштаб бугеб карта 2) гIатIидаб, кинабго жанибе бачараб; **~ое произво́дство** гIатIидаб производство

КРУПНОПАНЕ́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое чIахIиял панелазул (гьабураб); чIахIиял панелал гьарулеб (*завод*)

КРУПНОТОННА́ЖНЫЙ, -ая, -ое (*о судах*) кIудияб бакIлъи баччулел (*гумул*)

КРУ́ ПН//ЫЙ, -ая, -ое 1) чIахIияб; **~ые я́ блоки** чIахIияб гIеч 2) кIудияб черхалъул, базалияб, чIахIа-махIаяб; **~ый ребёнок** кIудияб черхалъул лъимер 3) залимаб; **~ый бык** залимаб оц 4) кIудияб; **~ый писа́тель** кIудияв хъвадарухъан ◊ **~ый разгово́р** хъачIаб, рокьукъаб гIара-чIвари

КРУПО́ЗН//ЫЙ, -ая, -ое: **~ое воспале́ние** гъанкъул унтиялъ гьорой

КРУПОРУ́ ШКА *ж* крупа (курпа) гьабулеб машина; крупа (курпа) гьабулеб предпритие

КРУПЧА́ТКА *ж* лъикI ххараб хъахIаб ролъ

КРУПЯНО́Й, -ая, -ое крупаялъул(аб); **~ суп** крупаялъул чурпа

КРУТИЗНА́ *ж* парс, хъитI, тIасагъоркье балагъараб бакI

КРУТИ́ ТЬ *несов.* кого-что (*поворачивать*) кьуризе, сверизе, сверизабизе, кьуризабизе, хенезабизе; **~ ру́чку патефо́на** патефоналъул гIоркь кьуризе; **~ колесо́** гьакибер сверизабизе, ххенезабизе; **~ голово́й** бетIер рахъ-рахъалде сверизабизе

КРУТИ́ТЬСЯ *несов.* 1) сверизе, тиризе; **колесо́ кру́тится** гьоко тирулеб буго 2) *перен. разг. (постоянно находиться где-л.)* женжедизе, сентIезе; **он кру́тится о́коло нас** гъов нижеда аскIоса гIебеде женжедулев вуго (вукIуна)

КРУ́ ТО *нареч.* 1) (*почти отвесно*) лабалго, тIаса гъоркье балагъун 2) (*резко*) кьурун, циндаго; **ло́шадь ~ повернýлась впра́во** чу кваранидехун кьурун буссана 3) *разг. (сурово)* кьварун, къвакIун; **~ распра́виться** *с кем-л. лъиениги* кьвараб тамихI гьабизе 4) (*густо*) бакъвадго; **~ замеси́ть те́сто** гIатI (хамур) бакъвадго буцизе

КРУТ//О́Й, -ая, -ое 1) (*отвесный, обрывистый*) тIаса гъоркье балагъараб, лабалаб, бадиб бараб; **~о́й бе́рег** тIаса гъоркье балагъараб ратIал; **~о́й подъём** лабалаб эхедерай 2) (*резкий, внезап-*

ный) кьурун буссараб, циндаго кколеб; **~о́й поворо́т** кьурун буссараб свери 3) (*суровый*) кьварараб; **~ой нрав** кьварараб гIамал; **~о́й челове́к** кьварарав чи 4) таваккалаб, беркъай гьечIеб; **~ые ме́ры** таваккалал тадбирал 5) (*густой*) (*цIикIкIун*) бакъваяб, белъараб; **~а́я ка́ша** бакъваяб карщ; **~о́е яйцо́** цIикIкIун белъараб хоно ◊ **~о́й кипято́к** гьалдолеб лъим

КРУ́ЧА *ж* парс

КРУЧЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **крути́ть**) сверизаби, кьуризаби **2.** (*по гл.* **крути́ ться**) свери, кьури

КРУЧЁН//ЫЙ, -ая, -ое данде кьурараб, кьурараб; **~ые ни́ тки** данде кьурарал кунал

КРУЧИ́НА *ж поэт.* къварилъи, ургъел, пашманлъи, ракIбакъвай, чалгIен

КРУЧИ́НИТЬСЯ *несов. поэт.* къварилъизе, ургъел чIвазе, пашманлъизе, чIалгIине

КРУШЕ́НИЕ *с* 1) талихI къараб иш, балагъ *(гамие, поездалъе);* **~ по́езда** поездалъе ккараб балагъ; **потерпе́ть ~** бегизе, талихI къараб иш ккезе 2) *перен.* биххи, кIалагъоркье чIвай; **~ социали́зма** социализм кIалагъоркье чIвай

КРУШИ́ТЬ *несов.* 1) *что (ломать)* гъуризе, биххизабизе 2) *кого-что (уничтожить)* гъуризе, тIагIинабизе; **~ть врага́** тушман гъуризе, тIагIинавизе

КРЫЖО́ВЕНН//ЫЙ, -ая, -ое крыжовникалъул(аб); **~ый куст** крыжовникалъул хъарахъ; **~ое варе́нье** крыжовникалъул мурапа

КРЫЖО́ВНИК *м (кустаник, ягода*) крыжовник, уржуникI

КРЫЛА́Т//ЫЙ, -ая, -ое куркьби ругеб ◊ **~ые слова́** машгьурлъун арал (халкъалда гъоркьор тIиритIарал) ратIаби

КРЫЛ//О́ *с* 1) кваркьи; **маха́ть ~ьями** куркьби хьвагIизе 2) (*лопасть колеса мельницы*) милъир (*раквадул*) ◊ **подре́зать ~ья** куркьби (куркьбал) къотIизе (*цебетIеялъе нух къотIизе*)

КРЫ́ЛЫШКО *с уменьш. от* **крыло́** 1 ◊ **под ~м у ма́тери** эбелалъул кваркьиялда гъоркь (*щибниги гIакъуба-къварилъи бихьичIого*); **взять под своё ~** жиндирго тIалаб-агъазалде бачине

КРЫЛЬЦО́ *с къватIисан* нуцIида цебебакI, тIадхъел

КРЫ́СА *ж* кIудияб гIункIкI

КРЫСИ́Н//ЫЙ, -ая, -ое кIудияб гIункIкIалъул; **~ая нора́** кIудияб гIункIкIалъул каратI ◊ **~ая мо́рдочка** (*у человека*) бегIераб гьумер (кIудияб гIункIкIалъул гIадинаб гьумер); **~ый хво́стик** (*косичка*) къокъаб гъал (гIонкIкIорачIгIадаб гъал)

КРЫ́ТЫЙ, -ая, -ое тIад бараб; **~ ры́нок** тIад бараб базар

КРЫТЬ *несов. что* 1) (*делать верх, крышу*) тIад кквезе, тIад базе, тIокъине; **~ кры́шу** тIох тIокъине; **~ дом желе́зом** минаялда тIад махх кквезе 2) (*обтягивать материей, кожей*) тIад ххам (къехь) кквезе, тIад *щибниги* чIвазе 3) *карт.* къотIизе, чIвазе; **~ короля́ тузо́м** тузалъ король къотIизе (чIвазе) 4) *кого-что (критиковать, ругать*) какизе, критика гьабизе ◊ **~ не́чем** *кому-л. разг.* данде абизе жо гьечIо

КРЫ́ТЬСЯ *несов. в чем (заключаться)* жиндилъ букIине, жаниб букIине; **причи́на кро́ется в сле́дующем** гIилла буго гьалъулъ (хадуселъулъ)

КРЫ́ША *ж* тIох; **черепи́чная ~а** щегI ккураб тIох ◊ **жить под одно́й ~ей** цо рокъоб гIумру гьабизе, цадахъ гIумру гьабизе

КРЫ́ШКА *ж* тIалъел; **~ кастрю́ли** хьагил тIалъел ◊ **тут ему и ~!** гьаниб досул ишги лъугIизе буго!

КРЮК *м* 1) (*мн.* **крюки́**) кIич (*дверной*), *къелъ чIвараб* бетIер кIичIизабураб магI 2) (*мн.* **крю́чья**) гъанцIа (*хIамалиясул мугъалда къайи базабулеб*) 3) свери ◊ **сде́лать ~** свери гьабизе, гIадада гIемераб нух тезе

КРЮЧКОТВО́РСТВО *с уст.* иш добе-гьанибе цIа-цIай, хадуб бехъерхъизаби (*жиндирго мурадалъе гIоло*)

КРЮЧО́К *м* 1) (*дверной*) кIиликIичI 2) (*рыболовный*) гъармахъ 3) (*одежды*) гъанцIакIичI 4) (*вообще*) гъанцIа

КРЯЖ *м* 1) (*цепь гор*) *рорхатал гьечIел* мугIрузул рахас 2) (*обрубок бревна*) хIанкIвара, хIехь (*къокъбицатаб*), герен

КРЯ́ЖИСТЫЙ, -ая, -ое 1) щулияб, бицатаб, къвакIараб; **~ дуб** бицатаб миккигъветI 2) *перен.* цоцалъ гъункIараб, ракьа бицатаб, къвакIараб черх бугеб; **~ стари́к** къвакIараб, цоцалъ тункараб черхалъул херав

КРЯ́КАНЬЕ *с* ордеказул бакъ-бакъи

КРЯ́КАТЬ *несов.* бакъ-бакъи бачине

КРЯ́КВА *ж* гIалхул ордек (*ордеказул цо тайпа*)

КРЯ́КНУТЬ *однокр. к* **кря́кать**

КРЯХТЕ́ТЬ *несов. разг.* зурзудизе, угьдизе, алалай бачине

КСЁНДЗ *м* ксендз (Польшаялъул *католиказул кашиш*)

КСЕНО́Н *м* ксенон (*хим. элемент, газ*)

КСЕРОКО́ПИ//Я *ж* ксероксалъ бахъараб копия

КСЕРОФО́РМ *м* ксероформ (*ругънаде щвалеб тIогьилкьераб порошок*)

КСТА́ТИ 1. *нареч.* 1) (*своевременно*) жиндир заманаялда, битIун кьваригIараб механда, бакI ккун букIаго; **сказа́ть** *что-л.* **~** битIун кьваригIараб механда *щибниги* абизе 2) (*заодно, пользуясь случаем*) квегIенаб механда, заман букIаго, санагIат букIаго; **пройду́сь по го́роду, ~ зайду́ в магази́н** шагьаралда тира-сверила, заман букIаго, тукаде ваккила **2.** *в знач. ввод. сл. (в дополнение к чему-л.)* абухъего, битIун бицани; **~, когда́ вы там бы́ -ли?** битIун бицани, кида мун дова вукIарав (доя йикIарай)?

КТО *мест.* 1) (*вопр. и относит.*) щив? **~ пришёл?** щив вачIарав? **~ пошёл в теа́тр?** театралде щив арав? **~ она́?** гъой щий? **~ они́ таки́ е?** гъол щал? 2) *в разн. значениях* **~ вся́кий, ~ мо́жет** лъихъа бажарулеб батаниги, бажарулев щинав чияс; **ма́ло, ~ так пи́шет** къанагIатасги гьадин хъваларо; **~ бы то ни был** щив вукIаниги; **~ его зна́ет** лъида гьеб лъалеб; лъиданиги лъаларо кин букIинебали; **разбежа́лись ~ куда́** рахъ рахъалде риххун ана; **~ – ~, а я приду́** цойгидазул иш лъаларо, амма дун вачIина; **~ кого́?** кинавдай бергьинев?3) *неопр.* щивниги; **е́сли ~ придёт, скажи́** щивниги вачIани, абе

КТО́-ЛИБО, КТО́-НИБУДЬ *мест. неопр.* щивниги, щив вукIаниги; **позови́ кого́-нибу́дь** щив вукIаниги ахIе

КТО́-ТО *мест. неопр.* щивалиго, цояв; **~ вошёл в дверь** щивалиго нуцIихъа жаниве лъугьана

КУБ[1] *м* 1) куб (*анлъго цоцада бащадаб квадрат хьалбазда бугеб геометриялъул фигура*) 2) кубометр; **~ дров** цIулал кубометр 3) *мат.* куб (*тарих жибго жиндилъго лъабцIул кьабун ккараб хIасил*); **два в ~е – восемь** кIигояльул куб микьго ккола

КУБ[2] *м (сосуд) лъамалъи гьализабизе бугеб* къали

КУБА́НЕЦ *м* кубаналъулав

КУБА́НКА *ж* 1) (*пшеница*) кубанка ролъ (*ролъул тайпа*) 2) (*шапка*) тахтадул тIуцаб тIагъур 3) кубаналъулай

КУБА́НЦЫ *мн.* кубаналъулал

КУ́БАРЕМ *нареч. разг.* дегIенса, терелаго, гьоко гIадин; **скати́ться с горы́** ~ магIардаса гъоркье гьоко гIадин гирун ине

КУБАТУ́РА *ж* кубатура (*кубаз борцараб сундулниги роцен*); **~ ко́мнаты** рукъалъул кубатура (гIатIилъи)

КУБИ́ЗМ *м ист.* кубизм (*цебе букIараб искусствоялда данде чIараб, 20 абилеб гIасруялъул 20 абилел соназ искусствоялда жаниб букIараб геометриял фигурабаздалъун сверухълъи бихьизабулеб чвахи*)

КУ́БИК *м* 1) *уменьш. от* куб 2) *разг.* кубик (*лъамалъиялъул кубикияб сантиметр*) 3) *мн.* **~и** (*детская игрушка*) кубикал (*расанкIаби*)

КУБИ́НЕЦ *м* кубаялъулав

КУБИ́НКА *ж* кубаялъулай

КУБИ́НСКИЙ, -ая, -ое кубаялъул, кубаялъулаб

КУБИ́НЦЫ *мн.* кубаялъулал

КУБИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое кубикияб; **~ метр** кубикияб метр; **~ ко́рень** *мат.* кубикияб кьибил (корень)

КУ́БОК *м* 1) (*для вина*) лълъар 2) *спорт.* кубок; **переходя́щий ~** хьвадулеб кубок

КУБОМЕ́ТР *м* кубометр

КУ́БРИК *м мор.* кубрик (*1 гамида командаялъе бугеб рукъ; 2 18–19 абилел гIасрабазул заманалда парусаз бачунеб рагъулаб гамил гъоркьияб палуба*)

КУВА́ЛДА *ж* гьецIокъ

КУВШИ́Н *м* парччи, гулгун, бурбутIи, хъаба, гIеретI

КУВЫРКА́ТЬСЯ *несов. разг.* дугIнул чIезе

КУВЫРКО́М *нареч. разг.* дегIен чIун, дегIениса, гидал чIван

КУВЫРНУ́ТЬСЯ *однокр. к* **кувырка́ться**

КУДА́ *нареч.* 1) *вопр. и относ.* кибе; **~ ты идёшь?** киве мун унев вугев? **~ назна́чат, туда́ и пое́ду** киве тIамуниги, гьениве ина 2) *неопр. разг.* кибениги; **е́сли ~ пойдёте, скажи́ те мне** ки-

вениги ани, дида абе ◊ **~ тебé до негó!** мун гьесулъе вахунаро! **хоть ~!** бищун лъикIаб! **~ ни шло** биччан те, бегьила

КУДА́-ЛИБО, КУДА́-НИБУДЬ *нареч.* кибе бугониги, кибе букIаниги, кибе бокьаниги, кибениги, кибниги

КУДА́-ТО *нареч.* кибеялиго

КУДА́ХТАНЬЕ *с (о курице*) квакъвади

КУДА́ХТАТЬ *несов. (о курице)* квакъвадизе

КУ´ ДРИ *мн.* кIургIараб яги кIургIизабураб рас

КУДРЯ́В//ЫЙ, -ая, -ое кIургIараб; **~ые во́лосы** кIургIараб рас; **~ая берёза** керчго бижараб мах

КУДРЯ́ШК//И *мн.* (*ед.* **~а** *ж*) гьайбатго кIургIараб рас, кIургIараб расул микIсал (горал)

КУЗНЕ́Ц *м* къебед, маххукъебед

КУЗНЕ́ЧИК *м* гарцI (*гьитIинаб*)

КУЗНЕ́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое къебелъул, къебелъи гьабулеб; **~ый цех** къебелъул цех; **~ый мо́лот** къебелъул квартIа; **~ые рабо́ты** къебелъухъ гьарулел хIалтIаби

КУ´ ЗНИЦА *ж* къебелъи, къебелъул рукъ

КУ´ ЗОВ *м* 1) раса,къали (*машинадул, гьакил, фургоналъул ва гь.ц.*); **автомоби´льный** ~ автомобилалъул раса, къали 2) (*корзинка*) *махил хъалалъул гьабураб* корзина, тIала

КУКАРЕ́КАНЬЕ *с* гIегIеди, ууди

КУКАРЕ́КАТЬ *несов.* гIегIедизе, уудизе

КУКАРЕКУ´ *звукоподр.* уу–уу

КУ´ К//ЛА *ж* 1) ясикIо, васикIо; **игра́ть в ~лы** ясикIаби гьаризе (хIазе); **теа́тр ~ол** ясикIабазул театр 2) *разг.* чIанкI гьечIев чи, рухI гьечIев чи (*гIемерисеб мехалъ - чIужугIадан*) 3) *перен.* цогидаз абу-абураб гьабулев чи, торгIо кколев чи

КУ-КЛУКС-КЛА́Н *м* ку-клукс-клан (*расизм хIалтIизабулеб СШАялда бугеб балъгояб терроризмалъулаб организация*)

КУКОВА́НИЕ *с* гагудал гугуди, гу-гу бачин

КУКОВА́ТЬ *несов. (о кукушке)* гу-гу бачине

КУ´ КОЛКА *ж* 1) *уменьш. от* **ку́кла** 2) *зоол.* хоно (хIутIхъумуралъул)

КУ´ КОЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое ясикIабазул(аб), ясикIабазда хурхараб; **~ый теа́тр** ясикIабазул театр; **~ое ли´чико** ясикIоялъулалда релълъараб, ясикIодул гIадаб (*гьитIинаб*) гьумер

КУ´ КСИТЬСЯ *несов. разг.* рахIат хун (лъикI гьечIого) вукIине, гIунцизавун, кьерхун вукIине

КУ-КУ́ *звукоподраж.* гу-гу

КУКУРУ´ З//А *ж* цIоросаролъ; **свари´ ть** ~ цIоросаролъ белъине

КУКУРУ´ ЗН//ЫЙ, -ая, -ое цIоросаролъул(аб); **~ая мука́** цIоросаролъул ханжу; **~ая лепёшка** цIоросаролъул панкъ

КУКУ´ ШКА *ж* гагу

КУЛА́К[1] *м* 1) зар; **сжать ~и´** зарал рукъизе 2) *тех.* кулак, гIункIрукь ◊ **посме́иваться в ~** гъорлъан велъизе

КУЛА́К[2] *м (богатый крестьянин, эксплуатирующий батраков*) кулак (*мухьдахъ хIалтIулесул боцIи кваналев бечедав векьарухъан*)

КУЛА́ЦК//ИЙ, -ая, -ое кулакасул(аб); **~ое хозя´йство** кулакасул магIишат

КУЛА́ЧЕСТВО *с собир.* кулакал

КУЛА́ЧК//И: би´ ться на ~ах заруца рагъизе, зарударагъ гьабизе

КУЛА́ЧНЫЙ, -ая, -ое зарул(аб) ◊ **~ бой** зарулаб рагъ, зарударагъ

КУЛАЧО́К *м уменьш. от* **кула́к**[1]

КУЛЁК *м* кагътил гьитIинаб квачIа ◊ **попа́сть из кулька́ в рого́жу** *разг.* цо квешаб хIалалдаса дагьабги квешалде ккезе

КУЛИНА́Р *м* тIагIамаб квен гьабизе лъалев чи, кванил устар, квен гьабиялъул махщелчи (специалист)

КУЛИНАРИ´ //Я *ж* 1) квен гьабиялъул махщелчилъи; **ку́рсы ~и** квен гьабизе малъулел курсал 2) *собир.* кванил нигIматал

КУЛИНА́РН//ЫЙ, -ая, -ое кваналел тIагIамазул, квен гьабиялъул, кулинарияб; **~ магази´н** хIадурарал кванил нигIматазул тукен

КУЛИ´ С//Ы *мн.* (*ед.* **~а** *ж*) *театр.* кулисал (*театралъул сценалъул хьалбазда ругел декорациял*); **за ~ами** сценаялда нахъа

КУЛИ́Ч *м* кулич (*хоногун нахуда буцун бежараб гьуинаб гургинаб чед*)

КУЛИ´ ЧК//И *мн.*: **жить у чёрта на ~ах** *разг.* цIакъ рикIкIада (жагьандаманалъуб) гIумру гьабизе

КУЛО́Н[1] *м физ.* кулон (*электричествоялъул къадар борцунеб роцен*)

КУЛО́Н[2] *м (украшение*) кулон (*рахасгун цадахъ яги маххазда гъорлъ гарбида балеб къиматал ганчIал лъураб берцинлъи)*

КУЛУА́РН//ЫЙ, -ая, -ое гIадатияб, хIакимасул цIаралдасан гуреб; **~ые разгово́ры** гIадатиял, хIакимасул яги хIукуматалъул цIаралдасан гурел гара-чIвариял; къануниял гурел гарачIвариял

КУЛУА́РЫ *мн.* кулуарал (*театралда, парламенталда, съездалда, данделъи гьабулеб залалдаса къватIирехун хIухьбахъи гьабизе, пикраби дандразе, хIакимасул яги хIукуматалъул цIаралдасан гурел гарачIвариял гьаризе ругел рукъзал*)

КУЛЬ *м* хъап, харал

КУЛЬМИНАЦИО́ННЫЙ, -ая, -ое завалаб, хIалуцараб, кульминациялъул(аб); **~ пункт** бищунго хIалуцараб бакI

КУЛЬМИНА́ЦИЯ *ж* завал, кульминация (*сундулниги бищун хIалуцараб, завалияб лахIзат*)

КУЛЬТ *м* 1) *рел.* аллагьасе лагълъи гьаби, гIибадат, дин; **служи´тели ~а** диниял бакIазда хIалтIулел гIадамал (*имамзаби, дибирзаби ва гь.ц.*) 2) *перен. (преклонение*) (гIорхъолъа борчIараб) напс кIодо гьаби; **~ ли´ чности** инсанасул напс кIодо гьаби

КУЛЬТИВА́ТОР *м* культиватор (*бекьараб ракь гьогълъизабулеб машина, чIар хвезабулеб машина*)

КУЛЬТИВА́ЦИЯ *ж с.-х.* бухъи, чIарай

КУЛЬТИВИ´ РОВАТЬ *несов. что* 1) (*подвергать культивации*) культивация гьабизе 2) (*выращивать*) гIезабизе, бижизабизе, лъугьинабизе; **~ лимо́ны** лимонал гIезаризе 3) (*насаждать, развивать*) цебетIезабизе, тIибитIизабизе, хIал гьабун, би-лълъанхъизабизе; **~ но́вые техни´ческие приёмы** техникаялъул цIиял къагIидаби цере тIезаризе

КУЛЬТМА́ССОВ//ЫЙ, -ая, -ое; **~ая рабо́та** гIадамазул маданиял тIалабал тIураялъул хIалтIи

КУ´ ЛЬТОВ//ЫЙ, -ая, -ое дин гьабиялда хурхараб; **~ые зда́ния** дин жаниб гьабулел бакIал, мажгитал

КУЛЬТПОХО́Д *м* культпоход (*къокъа гьабун, театралде, музеялде ва гь.ц. ин*)

КУЛЬТРАБО́ТНИК *м* маданияталъул хIалтIухъан (*маданиятална хурхараб хIалтIи кинал рукIаниги идарабазда гьабулев чи*)

КУЛЬТТОВА́РЫ *мн.* культтоварал (*гIадамазул маданиял тIалабал тIуразе бугеб къайи-къоноялъул гIаммаб цIар*)

КУЛЬТУ´ Р//А *ж* 1) культура, маданият; **передова́я** ~ цебетIураб маданият, культура 2) (*уровень достижения в какого-л. народа, класса*) маданият, цо чIванкъотIараб халкъалъул (классалъул) цо хасаб заманаялда маданиятalъул, культураялъул даража 3) (*уровень, степень развития какой-л.отрасли*) гIелмияб яги магIишатияб рахъалъул цебетIей; **~а земледе́лия** ракьарухъанлъиялъул (ракь хIалтIизабиялъул) цебетIей; **~а ре́чи** каламалъул цебетIей 4) (*образованность*) лъай букIин, цIали, культура; **челове́к высо́кой ~ы** кIудияб лъаялъул чи 5) (*культивирование*) бекьун гIезаби, бекьараб жоялъе хъулухъ гьаби; **~а пшени´цы** ролъ гIезаби 6) (*разводимое растение*) рекьун гIезарулел жалазул цо тайпа, культураби; **зерновы´е ~ы** могьолал культураби; **техни´ческие ~ы** техникиял культураби ◊ **физи´ ческая ~а** физкультура

КУЛЬТУ´ РНО-БЫТОВ//О́Й, -ая, -ое маданиябгун рукIарахъиналъул; **~ ы´е усло́вия** маданиялгун рукIа-рахъиналъулал шартIал

КУЛЬТУ´ РНО-МА́ССОВ//ЫЙ, -ая, -ое маданиябгун халкъияб; **~ые мероприя´ тия** маданиялгун халкъиял ишал

КУЛЬТУ´ РНО-ПРОСВЕТИ´ ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое маданиябгун лъай борхизабиялъул; **~ая рабо́та** маданиябгун лъай борхизабиялъул хIалтIи

КУЛЬТУ´ РНОСТЬ *ж* маданияб даража, маданият буголъи (букIин), культура букIин

КУЛЬТУ´ РН//ЫЙ, -ая, -ое 1) маданияб, культурияб, тарбия щвараб, маданияталда хурхараб; **~ый у́ровень населе́ния** халкъа-лъул маданияб даража; **~ый челове́к** тарбия щварав чи; **~ые свя´ -зи ме́жду наро́дами** халкъазул (халкъазда гьоркьор) маданиял бухьенал 2) (*о растении*) бекьун гIезабураб, хъулухъ гьабураб

КУЛЬТУРО́ЛОГ *м* культурологиялъул специалист

КУЛЬТУРОЛО́ГИ//Я *ж* культурология (*культура цебетIеялъул жанисел хаслъаби лъазарулеб гIелму*)

КУЛЬТЯ́ *ж* къотIараб квералъул яги бохалъул хутIел (чулахъ)

КУМА́Ч *м* канчIбагIараб ххам

КУМАЧО́ВЫЙ, -ая. -ое канчIбагIараб ххамил, багIарххамил

КУМИ́Р *м* 1) (*идол*) хъанч *(бакъуе, цIадуе ва гь.ц. ханлъи гьабулезул аллагьлъун ккураб сундулниги сипат*) 2) *перен.* жиндие кIудияб адаб-хIурматалда къула-ворхун икрам гьабулев чи, жиндие бетIер къулулев чи

КУМОВСТВО́ *с разг. (поблажки по службе)* гIагарлъи (*гьудуллъи*) сабаблъун хIукуматияб ишалда гьоркьор бигьалъаби гьари

КУ́МУШКА *ж* 1) (*сплетница*) мацI гьабулей (харбал риччалей) чIужугIадан 2) ада

КУМЫ́К *м* лъарагIав

КУМЫ́КИ *мн.* лъарагIал

КУМЫ́КСКИЙ, -ая, -ое лъарагIазул(аб), лъарагI; **~ язы́к** лъарагI мацI

КУМЫ́С *м* кумыс (*гIаладул яги варанидул цIекIлъизабураб рахь*)

КУМЫСОЛЕЧЕ́БНИЦА *ж* кумысалъ сах гьарулеб бакI

КУМЫСОЛЕЧЕ́НИЕ *с* кумысалъул кумекалдалъун сах гьари

КУМЫ́ЧКА *ж* лъарагIай

КУНА́К *м* гьобол, гьудул (*батIияб бакIалдаса*)

КУНА́ЧЕСТВО *с* гьоболлъи букIин, лъай-хъвай, гьудул-гьалмагълъи

КУНИ́ЦА *ж* 1) (*животное*) цакьу 2) (*мех*) цакьуялъул цIоко

КУ́НИЙ, -ья, -ье цакьуялъул; **~ мех** цакьуялъул цIоко; **~ воротни́к** цакьуялъул цIокодул габур

КУПА́ЛЬНИК *м* чвердолеб мехалъ ретIунеб костюм

КУПА́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое чвердеялъе бугеб, чвердеялда хурхараб; **~ сезо́н** чвердолеб заман; **~ костю́м** чвердолеб мехалъ ретIунеб костюм

КУПА́ЛЬНЯ *ж* чвердезе гьабураб бакI (*лъел рагIалда*)

КУПА́ЛЬЩИК *м* чвердолев чи

КУПА́ЛЬЩИЦА *ж* чвердолей чIужугIадан

КУПА́НИЕ *с* 1) (*по гл.* **купа́ть**) чвердезаби 2) (*по гл.* **купа́ться**) чвердей 3) (*место*) чвердолеб бакI (*мн.* **купа́нья**)

КУПА́ТЬ *несов. кого-что* чвердезабизе, лъелъе биччазе (*къаркъала*)

КУПА́ТЬСЯ *несов.* чвердезе

КУПЕ́ *с нескл.* купе (*пассажиразул вагоналда жаниб цо чанго чиясе рукъ, къотIел*); **четырехме́стное** ~ ункъо чиясе бакI бугеб купе

КУПЕ́ЙНЫЙ, -ая, -ое: **~ваго́н** купеял ругеб вагон

КУПЕ́Ц *м* базарган, даранчи

КУПЕ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое базарганасул, даранчиясул; **~ дом** базарганасул тукаби жанир ругеб мина

КУПЕ́ЧЕСТВО *с собир.* базаргаби, даранчагIи

КУПИ́РОВАННЫЙ, -ая, -ое *см.* **купе́йный**

КУПИ́ТЬ *сов. кого-что* 1) бичун босизе 2) (*привлечь на свою сторону*) вичун восизе 3) (*в карточной игре*) тIадеги кагътал росизе

КУПЛЕ́Т *м* 1) куплет (*кочIол бутIа, строфа*) 2) политикаялда яги рукIа-рахъиналда хурхараб сатирикияб къокъаб кечI

КУПЛЕТИ́СТ *м* кепал куплетал рикIкIунев (ахIулев) артист

КУ́ПЛЯ *ж* бичун боси; **~ – прода́жа** бича-хиси

КУ́ПОЛ *м* хъуба, гургинаб тIох, гургинлъи; **~ ци́рка** циркалъул хъуба; **~ не́ба** зодил гургинлъи

КУПОЛО́ВИДНЫЙ, -ая, -ое, **куполообра́зный,** -ая, -ое хъуба гIадаб, хъубаялда релъгъараб, гургинккараб

КУПОРО́С *м* мачIбил; **ме́дный** ~ пахъул мачIбил; **желе́зный** ~ маххул мачIбил

КУПЧИ́ХА *ж* 1) (*женщина*) базарган 2) базарганасул чIужу

КУПЮ́РА *ж фин.* кагътил гIарац, заемалъул кагъат

КУРАГА́ *ж собир.* бакъвараб курак (*бичIун бакъвазабураб*)

КУРА́ЖИТЬСЯ *несов. прост.* тIасан ккезе, чIухIун хъвадизе, адаб тун лъугьине, хIалихIатал жал гьаризе

КУРА́НТЫ *мн.* курантал, сиялда бараб бакъан бачунеб сагIат; **Кремлёвские ~** Кремлиялъул курантал

КУРА́ТОР *м* куратор (*лъилниги тIалаб-агъаз гьабизе тарав чи*); **~ студентов** студентазул куратор

КУРГА́Н *м* гохI (*хабатIа гьабураб*)

КУРГУ́ЗЫЙ, -ая, -ое *разг.* 1) хъандаяб, рачI къотIараб; **~ щено́к** хъандаяб таращ 2) (*коро́ткий*) къокъаб ва къваридаб; **~ пиджа́к** къокъаб ва къваридаб пиджак

КУРД *м* курдав

КУ́РДСКИЙ, -ая, -ое курдазул(аб); **~ язы́к** курдазул мацI

КУ́РДЫ *мн.* курдал

КУРДЮ́К *м* мохмох, рачI, магъ

КУРДЮ́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое мохмохил, мохмох бугеб; **~ое са́ло** мохмохил нах; **~ая овца́** мохмох бугеб чахъу

КУРДЯ́НКА *ж* курдай

КУ́РЕВО *с разг.* тамахъо, цIалеб жо

КУРЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **кури́ть**) хъалиян цIай (бухIи)

КУРИ́ЛЬЩИК *м* хъалиянчи

КУРИ́ЛЬЩИЦА *ж* хъалиянчIужу

КУРИ́Н//ЫЙ, -ая, -ое гIанкIудал; **~ый бульо́н** гIанкIудал гьагIу ◊ **~ая слепота́** *мед.* канлъи дагьаб бакIалда щибниги бихьунгутIи

КУРИ́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое (*хъалиян*) цIалеб, бухIулеб; **~ый таба́к** цIалеб тамахъу; **~ая ко́мната** хъалиян цIалеб рукъ

КУРИ́ТЬ *несов. что и без доп.* цIазе, бухIизе (*хъалиян*)

КУРИ́//ТЬСЯ *несов.* 1) (*тлеть*) ккуй рехун, загIипго рекIине, бухIизе 2) *чем (выделять дымок, пар, туман*) кIкIуй буризе, хIухьел бахъине; **вулка́н ~тся** вулканалъусан кIкIуй бурулеб буго; **река́ ~тся** гIоралдаса хIухьел бахъунеб буго 3) (*виться – о дыме, пыли*) кьурун бахъине (эхеде), гора-горахун эхеде ине

КУ́РИЦА *ж* (*мн.* **ку́ры**) гIанкIу ◊ **мо́края ~** гъаримаб, язихъаб сипаталъул чи; гIамал гьечIев, чIара-хьарав гурев чи; **ку́рам на́ смех** гIантго, магIна гьечIого; **писа́ть как ~ ла́пой** квешаб, бичIчIулареб хатIалъ хъвадаризе

КУРЛЫ́КАТЬ *несов. (о журавлях)* кьункъраби ахIдезе

КУРН//О́Й, -ая, -ое: **~а́я изба́** кIкIуй ине тIала гьечIеб рукъ (печь бакулеб, тIала гьечIеб рукъ)

КУРНО́СЫЙ, -ая, -ое къокъаб тIогьиса эхеде кIичIараб (*мегIер); гьединаб* мегIер бугеб *(гьумер)*

КУРО́К *м* гIанкIва (*туманкIул, танчил ва гь.ц.*); **взвести́ ~** гIанкIва цIазе, тIасиялде бахинабизе; **спусти́ть ~** кьвагьизе, гIанкIва речIчIизе биччазе

КУРОПА́ТКА *ж* мокъокъ

КУРО́РТ *м* курорт (*даруял лъинал (хIарщ) ва сах гьаризе санагIалъаби ругеб бакI)*; **лечи́ться на ~е** курорталда дару гьабизе

КУРО́РТНИК *м* курорталде вачIарав чи, курорталда хIухьбахъи гьабулев чи

КУРО́РТНЫЙ, -ая, -ое курорт бугеб, курорталъул(аб), курортазул(аб); **~ый райо́н** курорталъул район, курорт бугеб (курортал ругеб) район

КУРС *м* 1) *щибниги жо* унеб рахъ (нух); **кора́бль де́ржит ~ на юг** гама югалъул рахъалде унеб буго 2) *перен.* бачин, ин, босараб нух; **~ на индустриализа́цию страны́** улка индустриалияб-лъун лъугьинабиялде бачин 3) курс (*кинаб бугониги гIелму тIадегIанаб цIалул заведениялда малъи ва гIаммаб куцалда жибго гьеб гIелму*); **проче́сть ~ исто́рии Дагеста́на** Дагъистаналъул тариха-лъул курс цIализе 4) курс *(тIадегIанаб цIалул ва хасал заведениябазда цо соналъ гьабулеб цIали, гьединго гьеб цIали гьабулезул къокъа);* **студе́нт тре́тьего ~а** лъабабилеб курсалъул студент 5) *мн.* **~ы** курсал; **~ы по повыше́нию квалифика́ции** махщел борхизабиялъул курсал; **~ы кро́йки и шитья́** лъутIарухханлъиялъул ва рукъарухъанлъиялъул курсал 6) багьа, къимат; **повыше́ние ~а рубля́** гьурщил багьа бахин 7) (*лечебный*) дару гьаби, цо хасаб унтиялъе гьаризе рихьизарурал дарабазул къадар ◊ **войти́ в ~ де́ла** ишалъул хIакъикъат лъазабизе; **быть в ~е де́ла** ишалъул хIакъикъат лъазе

КУРСА́НТ *м* курсант (1 *курсазда цIалулев вугев чи; 2 рагъулаб училищеялда цIалулев вугев чи*)

КУРСИ́ В *м полигр.* курсив (*квералъ хъваралда релълъараб типографиялъул хIарпазул бегараб хатI)*

КУРСИ́ ВНЫЙ, -ая, -ое курсивалъул(аб)

КУРСИ́РОВАТЬ *несов.* цо чIарал бакIазда гьоркьор доре-гьанире хьвадизе (*автобусал, поездал, самолётал ва гь.ц.*)

КУРСИ́ СТКА *ж ист.* курсистка (*революциялда цебе руччабазул тIадегIанал курсазда цIалулей гIадан*)

КУРСО́ВКА *ж* курсовка (*курорталда квана-гьекъезе ва гьеб бахун къватIибехун рукъ кквезе ихтияр кьолеб документ*)

КУРСОВ//О́Й, -а́я, -о́е курсалъул(аб); **~о́е собра́ние** курсалъул собрание; **~ая рабо́та** курсалъулаб хIалтIи

КУ́ РТКА *ж* куртка

КУ́ РТОЧКА *ж уменьш. от* **куртка**

КУРЧА́ВИТЬСЯ *несов.* кIургIизе (*рас*)

КУРЧА́В//ЫЙ, -ая, -ое кIургIараб; **~ые во́лосы** кIургIараб рас

КУРЬЁЗ *м* кепаб лъугьа-бахъин, тамашаяб (гIажаибаб) иш; **ра́ди ~а** копоего (кепалъе)

КУРЬЁЗНЫЙ, -ая, -ое кепаб, тамашаяб, гIажаибаб; **~ слу́чай** кепаб лъугьа-бахъин

КУРЬЕ́Р *м* курьер (1 *идарабазда кагътал доре-гьанире росун хьвадулев чи; 2 хехаб тIадкъайгун витIулев чи*); **дипломати́ -ческий** ~ къватIисел улкабазулгун ишазул министерствоялъул почта баччулев чи

КУРЬЕ́РСКИЙ, -ая, -ое курьер, курьерияб, хехаб ◊ ~ **по́езд** курьер поезд (*кIудияб хехлъиялда рикIкIаде хьвадулеб поезд*)

КУРЯ́ ТИНА *ж* гIанкIудал гьан

КУРЯ́ ТНИК *м* гIанкIуязул рукъ

КУРЯ́ Щ//ИЙ, -ая, -ое **1.** хъалиян цIалев **2.** *в знач. сущ.* **~ий** хъалиянчи; **ваго́н для ~их** хъалиян цIалезе вагон

КУСА́ТЬ *несов. кого-что* 1) хIанчIизе; **~ гу́бы** кIутIби хIанчIизе 2) *разг. (о крапиве, морозе)* бухIизабизе 3) (*откусывать*) хъусизе 4) (*о грубой шерсти*) хIунчизе

КУСА́//ТЬСЯ *несов.* 1) хIанчIезе; **эта соба́ка ~ется** гьаб гьой хIанчIола 2) (*кусать друг друга*) хIанчIезе (*цоцада*) 3) (*о крапиве, морозе*) бухIизе, бухIизабизе 4) (*о грубой шерсти*) хIенчезе

КУСА́ЧКИ *мн.* къенцIолеб гъецI (*квар, магIал къунцIизе бугеб*)

КУСКОВО́Й, -ая, -ое: **~ са́хар** гIерекъчакар, гъурараб чакар, машиначакар

КУСО́К *м* кесек, рекел, бутIа, къотIел, гIерекъ; **небольшо́й ~ земли́** ракьул гьитIинаб бутIа; **~ са́хара** чакаралъул кесек; **~ хле́ба** чадил рекел

КУСО́ЧЕК *м уменьш. от* **кусо́к** ◊ **ла́комый ~** *щибниги* хьул лъолеб (беричаб) жо

КУСТ *м* хьуй; хъарахъ; **~ земляни́ки** кверкъидул хьуй; **~ сире́ни** сиреналъул хьуй; **в ~а́х поёт пти́ца** хIанчIица хъархъалъ бакънал рачунел руго

КУСТА́РНИК *м* хъарахъ

КУСТА́РНИКОВ//ЫЙ, -ая, -ое хъархъил(аб), хъархъазул(аб), хъархъал гIадин бижулеб; **~ые за́росли** хъархъал рижараб бакI; **~ая расти́тельность** хъархъал

КУСТА́РНИЧАТЬ *несов.* 1) рокъоб устарлъи гьабизе 2) (*заниматься кустарщиной*) гIуцIи гьечIого, щвалде щвечIого, гьабизе

КУСТА́РН//ЫЙ, -ая, -ое 1) фабрикалда гьабураб гIадаб гуреб, гIадатияб куцалъ квераз гьабураб 2) *перен.* хашаб, узданлъи гьечIеб, щвалде щвечIеб

КУСТА́РЬ *м* кустарь (*рокъов хIалтIулев чи, махщелчи*); ~ – **кузне́ц** къебед-кустарь, рокъоб къебелъи гьабулев чи

КУСТИ́ СТ//ЫЙ, -ая, -ое 1) гIаркьахун бижараб; **~ая пшени́ -ца** гIаркьахун бижараб ролъ 2) (*поросший кустами*) хъархъазул цIураб, хъархъал рижараб

КУСТИ́ ТЬСЯ *несов.* гIаркьахун бижизе

КУ́ТАТЬ *несов. кого-что* жемизе, жема-къемизе; **~ ребёнка в одея́ло** лъимер юргъаналда гъорлъ жемизе

КУ́ТАТЬСЯ *несов.* 1) жема-къемун (*вахча-хьван*) вукIине; **~ в плато́к** кIазилъ жема-къемизе, лъикI тIаде цIан, кIаз чIвазе 2) (*слишком тепло одеваться*) цIакъго хинлъуледухъ ретIел ретIине

КУТЁЖ *м* кеп-гIоркь, квана-гъекъей

КУТЕРЬМА́ *ж разг.* гIадлу-низам гьечIолъи, бада-гъудур, рихха-хочи

КУТИ́ ЛА *м разг.* кеп-гIоркьалда, квана-гьекъон заман тIобитIулев (инабулев) чи

КУТИ́ ТЬ *несов.* квана-гъекъон, кеп-гIоркьалда заман инабизе

КУХА́РКА *ж* богогьан, квен гьабулей чIужу

КУ́ ХНЯ *ж* 1) богорукъ, кухня; 2) (*подбор кушаний*) квенал; **мне нра́вится ру́сская ~** дие гIурусазул квенал рокьула

КУ́ХОННЫЙ, -ая, -ое богорукъалъул(аб), кухниялъул; **~стол** богорукъалъул стол

КУ́ Ц//ЫЙ, -ая, -ее 1) (*о хвосте*) къотIараб, къокъаб 2) хъандаяб, рачI къокъаб; **~ый щено́к** хъандаяб таращ 3) *разг. (короткий)* къокъаб, **~ые брю́ки** къокъаб тIажу

КУ́ Ч//А *ж* 1) гъуни, гохI; **~ песка́** салул гохI 2) *разг. (масса, множество)* гIемераб къадар; **~а люде́й** гIемерал гIадамал ◊ **вали́ть все в одну́ ~у** батIалъи гьабичIого, кинабго жуба-гъуба-забизе, гъуни гьабизе

КУЧЕВ//О́Й, -а́я, -о́е: **~ы́е облака́** *метеор.* хъахIал гIомогIадал (гIомо-горогIадал) накIкIал; **~ ы́е пески́** ризал гохIал гьарун, бугеб сали

КУ́ ЧЕР *м* кучер, (*гьакида рарал*) чуял рачунев чи

КУ́ ЧКА *ж* 1) *уменьш. от* **ку́ча** 2) (*группа людей*) руккел, къокъа; **собира́ться ~ми** руккелал гьарун, ракIаризе

КУЧУ́ , ку́тишь *и т.д. наст. от* **кути́ ть**

КУШ *м* 1) *карт.* кагътал хIалаго, гьоркьоб лъураб гIарац 2) *разг. (большая сумма денег)* гIемераб гIарац

КУША́К *м* гIебаб ххамил рачел

КУ́ ШАНЬЕ *с* квен, кваназежо

КУ́ ШАТЬ *несов. что* кваназе

КУШЕ́ТКА *ж* кушетка *(мугъ чIвалареб диван)*

КУЮ́ , куёшь *и т.д. наст. от* **кова́ть**

КШ, КЫШ *межд.* гьишу (*гIанкIуял ва гь.ц. хъамизе гьабулеб гьаракь*)

КЮВЕ́Т *м* рахъ (*нухлул кIиябго рахъалдасан лъим ине бахъараб*); **маши́ на зае́хала в ~** машина рахънибе ккана (ана)

Л

ЛАБА́З *м уст.* лабаштукен (*базаралда кIалцIи-хер бичулеб бакI, ханжу-квара бичулеб тукен)*

ЛАБИАЛИЗА́ЦИЯ *ж лингв.* лабиаллъизаби *(гьаракь бахъулаго кIутIби цере цIутIизари)*

ЛАБИА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое *лингв.* лабиалияб; **~ые зву́ки** лабиалиял гьаркьал

ЛАБИРИ́НТ *м* 1) *ист.* лабиринт (*некIсияб Мисриялдагин Грециялда кIалтIу-къоно къосинедухъ гIемерал рукъзабазул гьетIа-кIичIи гьарурал гьундул; къватIазул кIичIалабаз бер биххулеб хъала (хайбар-хъала гIадаб)* 2) **~ у́лиц** кисан рачIун, кирехун унел ругелали лъаларедухъ гьарурал нухал 3) *анат.* гIинда жанисел свералаби 4) *кого перен.* пикрабазул жуба-гъубай

ЛАБОРА́НТ *м* лаборант (*лабораториялъул гIелмияв хIалтIухъан*)

ЛАБОРА́НТКА *ж* лаборантка

ЛАБОРАТО́РИЯ *ж* лаборатория (*гIелмиял цIеха-рехеялгин хIалбихьиял гьарулеб рукъ*); **хими́ческая ~** химикияб (химиялъул) лаборатория

ЛАБОРАТО́РН//ЫЙ, -ая, -ое лабораториялъулаб; **~ая рабо́та** лабораториялъулаб хIалтIи

ЛА́ВА[1] *ж геол.* лава (*цIадул лулай, вулкан беролелъул, къватIибе кIанцIулеб цIадулаб лъамалъи, вулканалъул жанисеб багIариялъ магIдан-гамачIцин биараб хIалалда къватIибе чвахулеб цIадулаб карщ*)

ЛА́ВА[2] *ж воен.* лава (*гьужумалъ унелъул рекIаразул аскар букIунеб къагIида*)

ЛА́ВА[3] *ж горн.* лава (*цо гъат ккун ганчIил тIурччи бахъулеб къагIида*)

ЛАВИ́ Н//А *ж* **1.** гIанси; **сне́жная ~а** гIазул гIанси **2.** *чего перен. сундулниги* чвахи; **~а войск** аскаразул чвахи **3**. *в знач. нареч.* **отря́ ды шли сплошно́й ~ой** чвахун унел рукIана къокъаби

ЛАВИНООПА́СНЫЙ, -ая, -ое гIанси бачIиналда хIинкъи бугеб; **~ скло́н** гIанси бачIиналда хIинкъи бугеб лабаллъи

ЛАВИ́ РОВАТЬ *несов.* 1) *мор.* гьорода данде, дугъалги рорхун, добехун-гьанибехун гама бачиналдалъун цебехун ине; гамил тIину тункулел ганчIал ругеб бакIалъан гьетIа-сверун гама бачине 2) *перен.* квекIенал къуркьизарулаго иш нухда бачине

ЛА́ВКА *ж уст.* гьитIинаб тукен

ЛА́ВОЧНИК *м уст.* тукенчи

ЛАВР *м* 1) *бот.* лавр, гъар 2) *мн.* **~ы** рецц-бакъ, реццалъул гор ◊ **пожина́ть ~ы** бергьенлъиялдаса пайда босизе

ЛА́ВРО́ВЫЙ, -ая, -ое лавраялъул, гъарил; **~ лист** гъарил тIамах; ◊ **~ вено́к** реццалъул гор

ЛАВСА́Н *м* лавсан (*синтетикияб ххамил цо тайпа*)

ЛА́ГЕРНЫЙ, -ая, -ое лагералъулаб

ЛА́ГЕРЬ *м в разн. знач.* лагерь, урду; **вое́нный ~** аскаралъул лагерь, бодулаб урду; **пионе́рский ~** пионеразул лагерь; **~ ми́ра** ракълил лагерь

ЛАД *м* 1) *разг. (согласие, мир*) рекъел, гьудуллъи, битIабиши, рекъа-решей, ргIи данде ккей; **жить в ~у́** рекъа-решон рукIине 2) (*способ, манера*) къагIида; **на друго́й ~** цогидаб къагIидаялъ 3) *муз. (тональность)* гьаркьазул рекъей 4) мн. **~ы** (*на муз. инструментах*): клавишал; **~ы гармо́ни** аргъаналъул клавишал ◊ **де́ло идёт на ~** иш битIа-бишун унеб буго; **он не в ~а́х с фи́зикой** досие физика бокьуларо

ЛА́ДАН *м* ладан (*насранияз, как балаго, кьеккен гьабизе хIалтIизабулеб гьуинаб махIалъул пицI)* ◊ **боя́ться как черт ~а** кара биххун, хIинкъизе; **дыша́ть на ~** хвезехъин вукIине

ЛА́Д//ИТЬ *несов.* 1) *с кем и без доп. (жить в согласии)* рекъарешон рукIине, ракълида рукIине, ргIи данде ккезе; **они́ не ~ят** дозул ргIи данде кколаро 2) *что разг. (налаживать*) хIадур гьаризе, рекъезаризе; **~ить са́ни** чанагъал хIадур гьаризе (*киренигги рачине*)

ЛА́ДИ//ТЬСЯ *несов.* рекъон ккезе; **де́ло не ~тся** (дозул) иш рекъон (данде) кколеб гьечIо

ЛА́ДНО *разг. частица утв.* лъикIха, гьедин лъикI; бегьула, битIун буго; **~, будь по-тво́ему** лъикIха, дуца абухъе букIа абе

ЛА́Д//ЫЙ, -ая, -ое *разг.* рекъараб, лъикIаб; чIурканаб; **~ая фигу́ра** чIурканаб лага; **~ый па́рень** берцинаб лага-черхалъул гIолохъанчи

ЛАДО́Н//Ь *ж* огъохъат, хъат ◊ **быть как на ~и** хъатиниб лъураб гIадин букIине (бихьизе)

ЛАДО́ШИ *мн.*: **бить (хлопать) в ~** хъат кьабизе (чIвазе)

ЛАДЬЯ́ [1] *ж уст. поэт. (большая лодка)* кIудияб раса (*ра́ххнаца, дугъалъ бачунеб*)

ЛАДЬЯ́ [2] *ж шахм.* ладья

ЛАЖУ[1]**,** ла́дишь *и т.д. наст. от* **ла́дить**

ЛАЖУ[2]**,** ла́зишь *и т.д. наст. от* **ла́зить**

ЛАЗ[1] *м (национальность)* лазав

ЛАЗ[2] *м (лазейка*) каратI (*кIкIуржун жанире лъугьине кIолеб*)

ЛАЗАРЕ́Т *м* аскаралъул азархана, больница

ЛА́ЗАТЬ *несов. см.* **ла́зить**

ЛАЗЕ́ЙК//А *ж* 1) каратI (*кIкIуржун жанисан лъугьине кIолеб*); **~ в забо́ре** чалиялъул каратI 2) *перен. разг. (цо кинаб бугониги квешлъиялдаса*) ворчIизе нух; **он нашел себе ~у** досда живго ворчIизе нух батана

ЛА́ЗЕР *м физ., тех.* лазер

ЛА́ЗИТЬ *несов.* вахине, харизе; жаниве лъугьине; **~ по дере́вьям** гьутIбузде харизе; **~ на го́ру** магIарде вахине; **~ в окно́** гордухъа жаниве лъугьине; **~ че́рез забо́р** чалиялда тIасан жаниве лъугьине

ЛА́ЗКА *ж* лазай (*лаз миллаталъул чIужугIадан, Аджарияда, Турциялда*)

ЛАЗУ́ РН//ЫЙ, -ая, -ое канчIихъахIилаб; **~ое не́бо** канчIихъахIилаб зоб

ЛАЗУ́ РЬ *ж* 1) (*цвет*) канчIихъахIилаб кьер 2) (*краска*) канчI-хъахIилаб релъен

ЛАЗУ́ТЧИК *м уст.* жасус

ЛА́ЗЫ *мн.* лазал

ЛА́ЙКА[1] *ж (собака)* лайка (*чанил гьой*)

ЛА́ЙКА[2] *ж* (*кожа*) лайка (*тамахаб лакай*)

ЛА́ЙКОВ//ЫЙ, -ая, -ое лайкаялъул, лайкаялъул гьабураб; **~ые перча́тки** лайкаялъул квердаххелал

ЛА́ЙНЕР *м* лайнер (*кIудияб гама*); **океа́нский ~** океаналъулаб лайнер; **возду́шный ~** гьаваялъул лайнер (*кIудияб самолет*)

ЛАК *м* лак; **покры́ ть ~ом** лак бахине; **~для о́буви** хьитазул лак

ЛАКА́//ТЬ *несов. что* чIикIизе, чапизе; **ко́шка ~ет молоко́** катица рахь чIикIулеб буго; *перен.* ханчIун гьекъезе *(чагъир)*

ЛАКЕ́Й *м* 1) рагьтIател, цеветел, рахьан 2) *перен. презр.* хIелхIедун чияе хъулухъ гьабулев чи, чияр суркIачIикI, чукъа

ЛА́КЕЦ *м (национальность)* лакав, тумав

ЛАКИРО́ВАНН//ЫЙ, -ая, -ое лак бахараб; **~ые ту́фли** лак бахараб тIомол туфлаби; **~ая ме́бель** лак бахараб мебель

ЛАКИРОВА́ТЬ *несов. что* 1) лак бахине; **~ ту́фли** туфлабазда лак бахине 2) *перен. (приукрашивать) цо щибниги* бугелдаса кIодо гьабизе, берцинго бихьизабизе; **~ действи́тельность** хIакъикъат бугелдаса кIодо гьабизе, берцинго бихьизабизе

ЛАКИРО́ВКА *ж* 1) (*по гл.* **лакирова́ть**) лак бахин 2) (*слой лака на чем-л.*) лакалъул хъал; **~ сошла́** бахараб лак нахъе ун буго

ЛА́КМУС *м* лакмус (*хъахIилаб релъен*): лакмусалъул кагъат

ЛА́КМУСОВ//ЫЙ, -ая, -ое: **~ая бума́га** лакмусалъул кагъат (*щелочги кислотаги батIа гьабизе хIалтIизабулеб*)

ЛА́КОВ//ЫЙ, -ая, -ое 1) лакалъул, лакалда хурхараб; лак гьабулеб, лак гьабиялъул; **~ое произво́дство** лак гьабулеб производство 2) лакалъе къваригIунел; **~ые масла́** лакалъе къваригIунел нахал 3) (*покрытый лаком*) лак бахараб; **~ые ту́фли** лак бахарал туфлаби

ЛА́КОМИТЬСЯ *несов. чем* гьуинаб, тIагIамаб квен квине, кванан лазат босизе; **~ варе́ньем** мурапа кванан, лазат босизе

ЛА́КОМКА *м, ж* кванил лазат босулев чи, кванил лазат босулей гIадан

ЛА́КОМСТВ//О *с* 1) *мн.* **~а** (*сласти*) гьуинлъи, гьуинаб нигIмат 2) (*блюдо*) гьуинаб, тIагIамаб, татуяб квен, квине гьира кколеб нигIмат

ЛА́КОМ//ЫЙ, -ая, -ое 1) гьуинаб, тIагIамаб, татуяб, квине гьира кколеб; **~ое блю́до** гьуинаб, тIагIамаб квен 2) *перен.* цIакъго гьира кколеб, хьул лъолеб, анищан кколеб ◊ **~ый кусо́к** цIакъ хьул лъезесеб жо

ЛАКОНИ́ ЗМ *м (каламалъул)* къокълъи, дуруслъи

ЛАКОНИ́ ЧНЫЙ, -ая, -ое къокъаб; **~ отве́т** къокъаб жаваб

ЛА́КСКИЙ, -ая, -ое лаказул, тумазул; **~ язы́ к** лак мацI, тумазул мацI

ЛАКТА́ЦИЯ *ж физиол.* 1) рахь бачIин 2) лъимер (*тIинчI)* хахулеб заман

ЛАКТО́ЗА *ж хим.* лактоза, рахьдал чакар

ЛА́КЦЫ *мн.* лакал, тумал

ЛА́МА[1] *ж зоол.* лама *(вараниялда релълъараб хIайван*)

ЛА́МА[2] *м (буддийский монах)* лама (*буддазул диналъул кашиш*)

ЛА́МПА *ж* чирахъ; **насто́льная ~** столалда лъолеб чирахъ; **~ радиоприёмника** радиоприёмникалъул чирахъ; **пая́ льная ~** *цо щибниги* регъезе хIалтIизабулеб алат

ЛАМПА́ДА, ЛАМПА́ДКА *ж* лампада (*насранияз иконазда цебе лъолеб, цIулал нахуца бакулеб гьитIинаб чирагъ)*

ЛАМПА́С *м* лампас, чалу (*тIаждал кьегI ккун букъараб батIияб кьералъул чалу*); **генера́льские ~ы** генераласул (тIаждал) лампасал (чалаби)

ЛА́МПОВ//ЫЙ, -ая, -ое чирахъул, чирахъалъул, чирахъал ругеб; **~ое стекло́** чирахъул цIер; **~ый приёмник** чирахъал ругеб приемник

ЛА́МПОЧКА *ж* 1) *уменьш. от* **ла́мпа** 2) чирахъ; **электри́ческая ~** электрикалъул чирахъ

ЛАНДША́ФТ *м* ландшафт (*ракьул тIасияб рахъалъул форма*); **го́рный ~** мугIрузул ланшафт

ЛА́НДЫШ *м бот.* маргъалтIегь

ЛАНОЛИ́ Н *м фарм.* ланолин (*дару*)

ЛАНТА́Н *м* лантан (*хим. элемент*, *металл)*

ЛАНЦЕ́Т *м мед.* ланцет (*хирургасул кIибалаб нус*)

ЛАНЬ *ж зоол.* пинта *(ритIучIазул цо тайпа)*

ЛА́П//А *ж* квачI; **пере́дняя ~а** ратIа; **за́дняя ~а** бох; **медве́жья ~а** цидул бох; ◊ **запусти́ ть ~у** *во что-л. прост. цо щибниги* бикъизе, мекъса квер бегьизе; **попа́сть в ~ы** *кому-либо лъилниги* кIичIикье ккезе

ЛА́ПК//А *ж уменьш. от* **ла́па** ◊ **ходи́ть** *перед кем-л.* **на за́дних ~ах** *лъиениги* лагълъи гьабизе, хIелхIедизе

ЛА́ПОТЬ *м* гъотIол макъаралъул хьит; тIирих

ЛАПТА́ *ж* 1) (*игра*) торгIо кьаби (*торгIо хIаялъул цо расанди*) 2) (*палка*) торгIо кьабулеб тIил

ЛА́ПЧАТ//ЫЙ, -ая, -ое 1) *зоол.* килщал цоцалъ рекIараб квачI бугеб; **~ая пти́ца** килщал цоцалъ рекIараб квачI бугеб хIинчI (*хъаз ва гь.ц.*) 2) *бот.* квачI гIадаб, квачIалда релълъараб; **~ый лист** квачIалда релъараб тIамах ◊ **гусь ~ый** *разг.* макруяв чи, хIиллачи, хIалихьат

ЛАПША́ *ж* 1) (*изделие из муки*) лапша, гIисинго къотIараб панкъ 2) (*суп*) лапшаялъул чурпа

ЛАРЁК *м* ларек, гьитIинаб тукен

ЛАРЕ́Ц *м* гьитIинаб гъамас, гьаржа, гьаржакIо, кIуни

ЛАРИНГИ́ Т *м мед.* ларингит, щекъералъул унти

ЛАРИНГО́ЛОГ *м мед.* ларинголог, щокърол тохтур

ЛА́РЧИК *м* гьитIинаб гъамас, гьаржа, гьаржакIо, кIуни ◊ **а ~ про́сто открыва́лся** цIакъ бигьаяб жо букIун буго

ЛАРЬ *м (для муки, хлеба)* сандукI

ЛА́СКА[1] *ж* реэди, хIеренлъи; **матери́ нская ~** эбелалъул реэди

ЛА́СКА[2] *ж зоол.* гIондокь

ЛАСКА́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*нежный*) реэдараб, хIеренаб; **~ые слова́** реэдарал ргIаби; **~ый тон** хIеренаб гьаракь, хIеренаб калам 2) *грам.* реэдиялъул (*форма*)

ЛАСКА́ТЬ *несов. кого-что* 1) реэдизе, хIеренго кIалъазе; **~ ребёнка** лъимер беэдизе 2) *чем* рекIее лазат, рахIат лъугьинабизе, ракI бохизабизе; **~ себя́ наде́ждой** анищаз-хьулаз жиндирго рекIее лазат, рахIат лъугьинабизе

ЛАСКА́ТЬСЯ *несов. к кому* хIеренго, недегьго вукIине; недегьлъизе, хIеренлъизе; **~ к ма́тери** эбелалдехун недегьго вукIине

ЛА́СКОВЫЙ, -ая,-ое 1) реэдулеб, недегьаб, хIеренаб; **~ ребёнок** недегьаб лъимер 2) *перен.* тамахаб, хIеренаб; тIадагьаб; **~ ве́тер** тIадагьаб, хIеренаб гьури

ЛАССО́ *с нескл.* лассо *(рехун хайванал кколеб квар)*

ЛАСТ *м* I ласт (*гьоркьоб гьанал хъал-пардав бугеб хIетIе – ордекалъул, хъазил ва гь.ц.*) 2) *мн.* **~ы** (*приспособление для плавания*) ластал (*лъедезе хIатIазда ххолелл резиналъул квачIал*)

ЛА́СТИК *м разг.* ластик, резинка (*хъвараб жо хвезабулеб*)

ЛА́СТИТЬСЯ *несов. к кому, около кого разг.* недегьго кIалъазе; хIеренго, недегьго рукIине; хIеренлъизе, недегьлъизе; **~ к ма́тери** эбелалдехун недегьго, хIеренго вукIине, лъурлъудизе

ЛАСТОНО́ГИЕ *мн. зоол.* гьоркьоб гьанал хъал-пардав бугел хIатIазул тайпаялъулал

ЛА́СТОЧК//А *ж* 1) милъиршо; **береговáя ~а** кьуруми-лъиршо; **деревéнская ~а** рагъидул милъиршо, росдал милъиршо 2) *спорт.* цого бохалда хIинчI гIадин чIей ◊ **пе́рвая ~а** *цо сундулниги* цебехъан, тIоцебесебаб; **прыжо́к в во́ду ~ой** хIинчI гIадин воржун ун, лъадалъе кIанцIи; **одна́ ~а весны́ не де́лает** *посл.* цо милъиршо бачIунилан, их чIоларо (гагу ахIдонилан хур бе-кьулареб)

ЛАТА́ТЬ *несов. что разг.* рукъи базе, лаб базе

ЛАТВИ́ ЕЦ *м* латвияв

ЛАТВИ́ ЙКА *ж* латвияй

ЛАТВИ́ ЙСКИЙ, -ая, -ое латвиязул

ЛАТВИ́ ЙЦЫ *мн.* латвиял

ЛАТИ́НСКИЙ, -ая, -ое некIсияб Рималда, рималъулазда бухьараб, латиназулаб

ЛАТУ́ НЬ *ж* латунь *(резги, гъалайги, цинкги жубан лъугьуне6 металл)*

ЛА́ТЫ *мн. ист.* къолден (*некIсияб*)

ЛАТЫ́ НЬ *ж разг.* латин мацI

ЛАТЫ́ Ш *м* латышав

ЛАТЫШИ́ *мн.* латышал

ЛАТЫ́ ШКА *ж* латышай

ЛАТЫ́ ШСКИЙ, -ая, -ое латыш, латышазул; **~ язы́к** латыш мацI

ЛАУРЕА́Т *м* лауреат; **~ госуда́рственной пре́мии** пачалихъияб премиялъул лауреат

ЛАФЕ́Т *м воен.* лафет (*гIарада тIад лъолеб гьоко*)

ЛА́ЦКАН *м* пиджакалъул, пальтоялъул карандехун чIвазабураб бутIа

ЛА́ЧКА *ж (национальность*) лакай, тумай

ЛАЧУ́ ГА *ж* гьитIинабго рукъ, хъош, паж; **бе́дная ~** мискинаб хъош; **гря́зная ~** хъубаб гьитIинаб рукъ

ЛА́ЯТЬ *несов.* хIапдезе; цоцазде семизе

ЛБА, ЛБУ *и т.д. род., дат. п. и т.д. от* **лоб**

ЛГАТЬ *несов.* 1) гьереси бицине, гьерсал рицине, гьерсагьине; **~ в глаза́** бадивеги валагьун гьереси бицине 2) *на кого-что* мацI гьабизе; **~ на това́рища** гьалмагъасда тIасан мацI гьабизе, бугьтан лъезе

ЛГУН *м* гьерсихъан, гьересичи, гьерсал рицунев чи

ЛГУНИ́ ШКА *м, ж (о ребенке*) гьерсихъан

ЛГУ́ НЬЯ *ж* гьерсихъан (*чIужугIадан*), гьереси бицуней гIадан

ЛЕБЕДА́ *ж бот.* ччути

ЛЕБЕДИ́//ЫЙ, -ая,-ое хIанкъвадул, хIанкъваялъул; **~ый пух** хIанкъваялъул хъуп 2) *перен.* халатаб, хIанкъвадул гIадаб; **~ая ше́я** хIанкъвадул гIадаб габур, халатаб габур ◊ **~ая пе́сня** пагьму-гьунар загьирлъараб ахирисеб асар

ЛЕБЁДКА[1] *ж тех.* лебёдка

ЛЕБЁДКА[2] *ж (самка лебедя*) цIуяб хIанкъва, эбелаб хIанкъва

ЛЕ́БЕДЬ *м зоол.* хIанкъва; **бе́лый ~** хъахIаб хIанкъва

ЛЕБЕЗИ́ ТЬ *несов. перед кем-чем разг. лъиениги* хIелхIедизе, хIатIазда убачал гьаризе

ЛЕБЯ́ЖИЙ, -ья, -ье хIанкъвадул, хIанкъваялъул; **~ пух** хIанкъваялъул хъуп

ЛЕВ[1] *м* гьалбацI

ЛЕВ[2] *м* лев (Болгариялъул гIарцул цIар)

ЛЕВИЗНА́ *ж полит.* квегIаб рахъалде гьетIи (*политикаял-да*)

ЛЕВОБЕРЕ́ЖНЫЙ, -ая, -ое *сундулниги* квегIаб ргIаллъуда бугеб

ЛЕВОСТОРО́ННИЙ, -яя, -ее квегIаб рахъалдасеб, квегIаб рахъалда бугеб

ЛЕВОФЛАНГО́ВЫЙ, -ая, -ое квегIаб флангалъул, квегIаб флангалда бугеб

ЛЕВША́ *м, ж* квегIав (*чи*), квегIай (*чIужугIадан*), квегIуч

ЛЕ́В//ЫЙ, -ая, -ое 1) квегIаб; **~ая рука́** квегIаб квер; **с ~ой стороны́** квегIаб рахъалдасан 2) *полит.* квегIаб рахъалде гьетIараб; **~ая фра́кция** квегIаб рахъалде гьетIараб фракция ◊ **встать с ~ой ноги́** кеп гьечIого вукIине, рахIат хун вукIине

ЛЕГА́ВЫЙ, -ая, -ое чанил гьве (*мах*I *сунтIун чан балагьулеб*)

ЛЕГАЛИЗА́ЦИЯ *ж* I. (*по гл.* **легализова́ть**) закон-къануналда рекъараб куцалде ккезаби 2. (*по гл.* **легализова́ться**) закон-къануналда рекъараб куцалде ккей

ЛЕГАЛИЗОВА́ТЬ *сов. и несов. кого-что* закон-къануналда рекъараб куцалде ккезабизе

ЛЕГАЛИЗОВА́ТЬСЯ *несов.* закон-къануналда рекъараб куцалде ккезе

ЛЕГА́ЛЬНОСТЬ *ж* закон-къануналъ изну кьей, закон-къануналда рекъон ккей

ЛЕГА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое закон-къануналъ изну кьураб, закон-къануналда рекъон кколеб; **~ая па́ртия** закон-къануналъ изну кьураб партия

ЛЕГА́ТО *нареч. муз.* легато (*цо нота цогиялдаса тIечIого, гIодобе биччан)*

ЛЕГЕ́НДА *ж* легенда, таватур (*кинаб букIаниги лъугьа-бахъиналъул хIакъалъулъ бугеб фантастикияб хабар, шигIрияб бищен; ургъун бахъараб, божизе захIматаб лъугьа-бахъин*)

ЛЕГЕНДА́РНЫЙ, -ая, -ое 1) таватураб 2) божизе захIматаб, битIаралда релълъинчIеб 3) гIадатияб гуреб

ЛЕГИТИ́МНЫЙ –ая, -ое законияб, хIакъикъияб, ритIухъаб

ЛЁГК//ИЕ *мн.* (*ед.* **~ое** *с*) *анат.* гъуърул; **воспале́ние ~их** гьуърул унти, гьуърул гьорой

ЛЁГК//ИЙ, -ая, -ое 1) (*по весу*) тIадагьаб; **~ий чемода́н** тIадагьаб чемодан 2) (*нетрудный*) бигьаяб; **~ая зада́ча** бигьаяб масъала 3) (*легко перевариваемый*) ургьиб тIадагьаб, бигьаго бихIун унеб; **~ая пи́ща** ургьиб тIадагьаб квен 4) (*незначительный*) гьитIинабго,дагьабго; **дул ~ий ветеро́к** дагьабго гьури пуна 5) (*покладистый*) гIодобе биччараб, хIеренаб, бигьаяб; **~ий хара́ктер** гIодобе биччараб, хIеренаб гIамал-хасият 6) (*о походке*) тIадагьаб, тIутIаб 7) (*ветренный*) ботIрониб гьури бахъараб, цIодорлъи-гIакъиллъи гьечIеб, чIей-хьей гьечIеб, квешго хьвадулеб; **~ие нра́вы** чIей-хьей гьечIеб гIамал-хасият; **же́нщина ~ого поведе́ния** квешаб, саяхъаб хьвада-чIвадиялъул чIужугIадан ◊ **~ая рука́** баракат бугеб квер; **с ~им се́рдцем** ракI гIодобе биччан, ракI разиго; **лёгок на поми́не** бицунаго (цIар бахъарабго) тIаде щвана; **~ая промы́шленность** тIадагьаб промышленность; **~ое чте́ние** бигьаяб цIали; **~ая атле́тика** *спорт.* тIадагьаб атлетика; **~ий на подъем** кIвахI гьечIеб, кIанцIун тIаде бахъунеб, тирияб

ЛЕГКО́ 1. *нареч.* бигьаго, тIадагьго, бигьа гьабун; **э́ти зада́чи ~ реша́ются** гьал масъалаби бигьаго гьарула; **~ ступа́ть** бигьа гьабун вачIине, тIадагьго галаби тIамизе **2**. *в знач. сказ.* бигьаго буго; **мне так ~** дие гьадин бигьаго буго ◊ **~ сказа́ть** абизени бигьаго бугоха, бицинени бигьаго бугоха

ЛЕГКОАТЛЕ́Т *м спорт.* легкоатлет

ЛЕГКОАТЛЕТИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое *спорт.* тIадагьаб атлетикаялъул

ЛЕГКОВЕ́РИЕ *с* хехго божи, бигьаго божи (*сунданиги щивниги*)

ЛЕГКОВЕ́РНЫЙ, -ая, -ое хехго божулев, бигьаго божулев; **~ челове́к** хехго божулев чи

ЛЕГКОВЕ́С *м спорт.* тIадагьаб цIайиялъул спортсмен

ЛЕГКОВЕ́СНЫЙ, -ая, -ое 1) тIадагьаб цIайиялъул, кIудияб бакIлъи гьечIеб 2) *перен. (несерьезный*) тIадагьаб гIамалалъул, тIаса-масагояб, гъварилъи гьечIеб, чIара-хьараб гуреб

ЛЕГКОВО́Й, -ая, -ое: **~ автомоби́ль** тIадагьаб автомобиль, гьитIинаб машина

ЛЕГКОВОСПЛАМЕНЯ́ЮЩИЙСЯ, -аяся, -еяся хехго цIа пархулеб, бигьаго цIа рекIунеб

ЛЕГКОКРЫ́ЛЫЙ, -ая, -ое куркьбал тIадагьаб, хехго боржунеб

ЛЕГКОМЫ́СЛЕННОСТЬ *ж см.* **легкомы́слие**

ЛЕГКОМЫ́СЛЕННЫЙ, -ая, -ое 1) (*о человеке*) тIадагьаб пикруялъул, чIей-хьей гьечIев, гIакълу цебе ккезабуларев, пикруцIан гьечIев 2) (*необдуманный*) ургъичIого гьабураб, цIодорлъибегIерлъи гьечIого гьабураб; **~ посту́пок** ургъичIого гьабураб иш

ЛЕГКОМЫ́СЛИЕ *с* ургъичIого, тIаса-масаго иш гьаби, пикру-цIан гьечIолъи, гIакълуялъул тIадагьлъи, гьаглъи, цIодорлъибегIерлъи гьечIолъи

ЛЕГКОПЛА́ВКИЙ, -ая,-ое хехго биунеб, биинабизе би-гьаяб; **~ мета́лл** хехго биунеб металл

ЛЁГКОСТЬ *ж* 1) тIадагьлъи; **~ пу́ха** хъупил тIадагьлъи; **~ оде́жды** ратIлил тIадагьлъи; **~ похо́дки** рилълъиналъул тIадагьлъи 2) (*нетрудность)* бигьалъи; **~ зада́чи** масъалаялъул бигьалъи 3) (*уживчивость*) гIададамазулъ рекъон вукIин, ваччизе ккунгутIи, кина-щиналъулъго хIеренлъи;**~ хара́ктера** гIамал-хасиятaлъул хIеренлъи 4) (*тонкость, изящность)* чIурканлъи, узданлъи, назиклъи, гьайбатлъи, гьанта рекъей; **~ постро́йки** минаялъул чIурканлъи ◊ **~ в мы́слях** пикруялъул тIадагьлъи

ЛЕГО́НЬКО *нареч. разг.* бигьа гьабун; **~ приподня́ть** бигьа гьабун тIаде борхизабизе

ЛЁГОЧН//ЫЙ, -ая,-ое гьуърузул; **~ое заболева́ние** гьуърузул унти

ЛЕ́ГЧЕ 1. *сравн. ст. к* **лёгкий** *и* **легко́ 2.** *в знач. сказ. безл.* бигьалъи лъугьине, мадар лъугьине; **больно́му ~** унтарасул мадар лъугьун буго; **мне от э́того не ~** гьелдалъун дие щибниги бигьалъи лъугьинчIо ◊ **час о́т часу не ~** щибаб сагIат анагIан, захIмалъулеб буго; **~ на поворо́тах** дагьав гIодове виччай, чIоло къай дурго

ЛЕД *м* цIер; **по льду** цIертIасан ◊ **~ тро́нулся** байбихьана, гьанже иш мухъда кккела

ЛЕДЕНЕ́//ТЬ *несов.* 1) (*покрываться льдом*) цIер къазе, цIер чIвазе; **вода́ начина́ет ~ть** лъадада цIер чIвазе (къазе) байбихьун буго 2) (*мерзнуть*) цIорозе, цIоро-гъорозе, тIилгIазе, гIунизе; **ру́ки ~ют** кверал гIунулел руго ◊ **кровь ~ет в жи́лах** нусабго логолъ би цIоролеб буго, тIубанго черх тIилгIалеб буго (*хIин-къиялъ*)

ЛЕДЕНЕ́Ц *м* леденец, цIункIулеб компет

ЛЕДЕНИ́//ТЬ *несов что* цIерлъун лъугьинабизе, цIер чIвазабизе, цIорозабизе, цIоро-гъорозабизе, тIилгIазабизе, гIунизабизе; **ве́тер ~т лицо́** гьороца гьумер цIорозабулеб буго ◊ **страх ~т се́рдце** хIинкъиялъ ракI гIунизабула (цIоро-гъорон хутIула)

ЛЕДЕНЯ́ЩИЙ, -ая, -ое *прям., перен.* цIерлъун лъугьинабулеб, цIер чIвазабулеб, цIорозабулеб, цIоро-гъорозабулеб, тIилгIазабулеб; **ве́тер ~** цIорозарулеб гьури; **~ у́жас** цIоро-гъорозабулеб хIинкъи

ЛЕ́ДНИК *м (погреб)* цIорораб бакI, квен-тIехалъул нигIматал цIородго цIунизе гьабураб гъоркьарукъ

ЛЕДНИ́К *м* цIорол мегIер, кидаго цIер биунареб мугIрул тIогъ

ЛЕДНИКО́ВЫЙ, -ая, -ое тIолабго ракь цIороца бацараб; **~ пери́од** *геол.* тIолабго ракь цIороца бацараб заман

ЛЕДОКО́Л *м* ледокол (*цIер гъурун нух бахъулеб гама*), цIер гъурулеб гама

ЛЕДОРЕ́З *м* 1) (*судно*) гъурараб цIоролъан лъедолеб гама 2) (*моста*) *гIоралъ бачIунеб цIер гъуризе кьода гьоркь гьабураб* бегIераб сак

ЛЕДОРУ́Б *м спорт. магIарде рахунеб механ альпинистаз цIер гъуризе хIалтIизабулеб* гIащтIи-газа, цIер гъурулеб газа

ЛЕДОСТА́В *м* тIубанго цIороца баци (*гIор, хIор*)

ЛЕДОХО́Д *м* гIоралъ цIер эхебе босун ин

ЛЕДЫ́ШК//А *ж разг.* цIорол кесек; **ру́ки холо́дные, как ~и** цIорол кескал гIадин лъугьун (цIорон) руго кверал

ЛЕДЯН//О́Й, -ая, -ое 1) (*изо льда*) цIорол; **~а́я глы́ба** цIорол кIудияб тIел, цIорол кIудияб гIерекъ 2) (*очень холодный, окоченевший*) цIер чIвараб, цIакъго цIорораб, гIунараб, цIороялъ тIилгIараб; **~о́й ве́тер** цIакъго цIорораб гьури; **~ы́ е па́льцы** цIороялъ тIилгIарал килщал 3) *перен.* хIеренлъи-недегьлъи гьечIеб, хъачIаб, ццидалаб, ракI гьанцIизабулеб, гьаргъар щвезабулеб, рокьу-къаб, адаб гьечIеб; **~о́й тон** ракI гьанцIизабулеб адаб гьечIолъи; **~о́е молча́ние** гьаргъар щвезабулеб сихIкъотIи

ЛЕЖА́ЛЫЙ, -ая, -ое (*залежавшийся*) цо бакIалда гIемер заман бараб, бичун унареб; **~ това́р** бичун унареб къайи-цIа

ЛЕЖА́НКА *ж* 1) *печалда аскIоб ганчIил гьабураб* хинаб регулеб бакI 2) (*санаториязда гьаваялда регизе яги кьижизе бугеб*) тIадагьаб хьонбакI (*цIулал тах*)

ЛЕЖ//А́ТЬ *несов.* бегизе; **~а́ть на траве́** харда тIад регизе 2) (*болеть*) унтизе, унтун боснов ккезе 3) (*находиться*) *цо кибниги* букIине; **ключ ~и́т на столе́** кIул столалда тIад буго 4) (*об обязанностях и т.п.*) тIаде ккезе, тIалъизе, тIадаблъун лъугьине 5) (*пролегать*): **наш путь ~и́т на се́вер** нижер нух северлдехун буго ◊ **~а́ть в осно́ве** *чего-л. цо сундулниги* кьучIлъун, аслулъун букIине; **~а́ть на боку́ (на печи́)** чехьатIаде вегун чIезе, кIалдибе борта багIаргIечилан чIезе (*сундулниги тIалаб-агъазги магIишатги гьабичIого*); **у меня́ душа́ не ~и́т к э́ тому** дир гьелде ракI унеб гьечIо, дие гьеб рекIее гIолеб гьечIо

ЛЕЖА́Ч//ИЙ, -ая, -ее 1) бегараб, бегун бугеб, бегун араб, бегун чIараб, тIаде бахъине кIолареб; **~ий больно́й** тIаде вахъине кIоларев унтарав чи, боснов ккарав чи 2) раглил; тIад регулеб; **~ее ме́сто** тIад регулеб бакI ◊ **~его не бьют** *посл.* гIодов ккарасда кьабизе бегьуларо; **под ~ ка́мень вода не течёт** *посл.* бегун чIараб ганчIикье лъим чвахулареб

ЛЕ́ЖБИЩЕ *с* регун рукIунеб бакI, тIаде рахъунарел хIайваназул чIей бугеб бакI; **~ моржо́й** моржал регун рукIунеб бакI

ЛЕЖЕБО́КА *м, ж разг.* кIохIалав, вегун чIарав чи (*гьединайго чIужугIадан)*

ЛЁЖК//А *ж* 1) (*долгое лежание*) гIемер заманалъ регун хутIи; **лежа́ть в ~у** *разг.* унтун бусада вегухъего хутIизе; **испо́ртиться от ~и** бегун хутIиялъ хвезе (*пихъ*) 2) (*место лежания*) регун рукIунеб бакI (*гIалхул хIайванал*), рукIун

ЛЕ́ЗВИЕ *с* 1) бал; **~ топора́** гIощтIол бал; **~ косы́** харицелалъул бал 2((*для безопасной бритвы*) лезвие, алмас

ЛЕЗГИ́Н *м* лезгияв

ЛЕЗГИ́НКА[1] *ж (национальность)* лезгияй

ЛЕЗГИ́НКА[2] *ж (танец)* лезгинка

ЛЕЗГИ́НСКИЙ, -ая, -ое лезги, лезгиязулаб; **~ язы́к** лезги мацI

ЛЕЗГИ́ НЫ *мн.* лезгиял

ЛЕЗТЬ *несов.* 1) *на что (взбираться)* вахине, харизе (*сунданиги тIаде*); **~ на́ гору** магIарде вахине; **~ на де́рево** гъотIоде харизе 2) *во что (входить) кивениги* ваккизе, лъугьине; **~ в во́ду** лъадалъе лъугьине; **~ без спро́су в ко́мнату** изну босичIого рокъове лъугьине 3) *во что (вмешиваться) сунданиги* гъорлъе лъугьине, бетIералде босизе; **~ не в своё де́ло** кколареб ишалда гъорлъе лъугьине 4) *разг. (надоедать)* чIалгIинабизе, бизарлъизабизе, пицIил рукъи гIадин рекIун чIезе; **~ с пустяка́ми** пайда гьечIеб чIанда бицун, бизарлъизабизе 5) (*выпадать*) гьине, хIулизе; **во́лосы ле́зут** рас хIулулеб буго 6) (*быть впору*) гьине, тIад рекъон ккезе; **сапоги́ не ле́зут** чакмаби гьунел гьечIо 7) *во что* ваккизе; **~ в карма́н** кисиниве ваккизе; ◊ **~ из ко́жи вон** хIаракат бахъизе; **~ на́ стену** чIезе кIоларого вукIине, чIезе къадар лъу-гIизе; **он за сло́вом в карма́н не ле́зет** дов рагIуда хадув кисиниве ваккизе кколаро, кIалалда бухьун букIуна досул рагIи (*кIал-мацI пасихIав чиясул хIакъалъулъ*); **~ в дра́ку** вагъизе лъугьине; **хоть в пе́тлю лезь** горбоде кIичI ккезабизегIанги чара къосун вуго; **мне не ле́зет в го́рло** эхебе унеб гьечIо (*квен*)

ЛЕЙ[1] *м см.* **ле́я**

ЛЕЙ[2]**,** лейте *повел. от* **лить**

ЛЕЙБОРИ́СТ *м* лейборист (*Англиялда лейбористазул партиялда вугев чи)*

ЛЕЙБОРИ́ СТСК//ИЙ, -ая, -ое лейбористазулаб; **~ое прави́ -тельство** лейбористазулаб хIукумат

ЛЕ́ЙКА *ж* 1) (*для поливки*) лъи́мщвалебжо 2) (*воронка*) лейкIа, цIцIударо

ЛЕЙКЕМИ́Я *ж мед.* лейкемия (*бидулъ лейкоцитал цIикIкIиналъ лъугьунеб унти*), бидул унти

ЛЕЙКОПЛА́СТЫРЬ *м* лейкопластырь *(тIаса хъал ччукIараб (къотIараб) бакIалда тIад седолеб ххамил чIоло),* мархIам

ЛЕЙКОЦИ́ТЫ *мн. физиол.* (*ед.* **лейкоци́т** *м*) лейкоцитал (*бидулъ рукIунел хъахIал гарал*)

ЛЕ́Й(СЯ), ЛЕ́ЙТЕ(СЬ) *повел. от* **ли́ ть(ся)**

ЛЕЙТЕНА́НТ *м* лейтенант; **ста́рший ~** кIудияв лейтенант

ЛЕЙТМОТИ́ В *м* 1) *муз.* лейтмотив (*сценаялда героясул цо хасият батIаго баян гьабиялъе бачунеб бакъан*) 2) (*основная мысль*) аслияб пикру

ЛЕКА́ЛО *с* лекало (1 *гьетIа-кIичIарал хIуччал рахъизе хIалтIизабулеб хасаб линейка; 2 тех. цо кинаб бугониги алат гьабизе хIалтIизабулеб хасаб халип*)

ЛЕКА́РСТВЕНН//ЫЙ, -ая, -ое даруяб, даруялъулаб; **~ые расте́ния** даруял хурдул

ЛЕКА́РСТВО *с* дару, дарман; **приня́ ть ~** дару гьекъезе; **~ от ка́шля** хIалцадул дару; **прописа́ть ~** дару хъвазе (*тохтурас*)

ЛЕ́КАРЬ *м уст.* местIер, тохтур ◊ **вре́мя – лу́чший ~** заманГIан лъикIав местIер гьечIевила

ЛЕ́КСИКА *ж* лексика (*цо мацIалъул яги диалекталъул рагIабаздалъун бечелъи*); **ава́рская ~** авар (мацIалъул) лексика

ЛЕКСИКО́ГРАФ *м* лексикограф (*лексикографиялъул махщел бугев чи, лексикаялда тIад хIалтIулев чи*)

ЛЕКСИКОГРАФИ́ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое лексикографиялъулаб; **~ая рабо́та** лексикографиялъулаб хIалтIи

ЛЕКСИКОГРА́ФИЯ *ж* лексикография (*кинаб бугониги мацIалъул рагIаби ракIарун, низамалде ккезарун, словарь гьаби*)

ЛЕКСИКОЛО́ГИЯ *ж* лексикология (*мацIалъул лексика лъазабиялда хурхараб гIелму*)

ЛЕКСИКО́Н *м* 1) (*запас слов*) рагIабазул (каламалъул) бечелъи 2) *уст.* словарь

ЛЕКСИ́ ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое лексикияб, лексикаялъулаб; **~ое бога́тство ава́рского языка́** авар мацIалъул лексикаялъулаб бечелъи; **~не упражне́ния** лексикаялда тIасан ругьун гьариялъулал хIалтIаби

ЛЕ́КТОР *м* лектор

ЛЕКТО́РИЙ *м* лекторий (1 *халкъалъе лекцияби гIуцIулеб идара; 2 гьединаб идараялъул мина*)

ЛЕ́КТОРСК//ИЙ, -ая, -ое лекторасул, лекторазул; **~ая гру́ппа** лекторазул къокъа

ЛЕКЦИО́ННЫЙ, -ая, -ое лекциялъул, лекциялъулаб, лекцияби гьарулеб; **~ зал** лекцияби гьарулеб (цIалулеб) зал, лекциязул зал

ЛЕ́КЦИ//Я *ж* лекция; **слу́шать ~и** лекциязухъ гIенеккизе; **чита́ть ~и** лекциял цIализе; **курс ~й** лекциязул курс (*цо суалалда, гIелмуялда хурхараб чанго лекция*)

ЛЕЛЕ́ЯТЬ *несов. кого-что* реэдизе, реэдун хьихьизе; **~ ребёнка** лъимер беэдизе, беэдун хьихьизе ◊ **~ наде́жду** хьул халат гьабизе, хьул къотIунгутIизе; **~ слух** рекIее гIолеб хабар бицун вохизавизе

ЛЕ́МЕХ *м с.-х.* пурцимахх, кутнамахх

ЛЕН *м ист.* лен (*некIо ракь-милк бугев бечедав чияс жиндирго чукъаясе хасаб къотIи-къайгун кьолеб букIараб ракь-милк ва гьелдаса бакIарулеб букIараб магъало*)

ЛЁН *м* лъелъ, лъолъохьон; лъолъол хукIи

ЛЕНИ́ ВЕЦ *м см.* **лентя́ й**

ЛЕНИ́В//ЫЙ, -ая, -ое 1) кIохIалав; **~ый учени́к** кIохIалав цIалдохъан 2) (*вялый – о движениях, походке*) кIохIалго гьабулеб, чIанкI гьечIеб ◊ **~ые щи** цIияб капустадул чурпа; **~ые варе́ники** цIияб капустадулъ цIурахинкIал *(гIедегIун, хехго гьарурал)*

ЛЕНИ́//ТЬСЯ *несов.* кIохIаллъизе; **не ~сь, чита́й** кIохIаллъуге, цIале

ЛЕ́НОСТЬ *ж* кIохIаллъи, кIвахI

ЛЕ́НТА *ж в разн. знач.* лента, чалу, гIебаб чIоло; **пулемётная ~** пулеметалъул патронал лъураб лента (*рачел*); **магнитофо́нная ~** магнитофоналъул лента; **шёлковая ~** чиллайдул чалу

ЛЕ́НТОЧН//ЫЙ, -ая, -ое *в разн. знач.* лентаялъулаб, лентая-лъул форма бугеб; **~ый конве́йер** лентаялъулаб конвейер; **~ая пила́** лентаялъулаб хъухъадиро; **~ые че́рви** *зоол.* чалу гIадал хIапараби

ЛЕНТЯ´Й *м* кIохIал

ЛЕНТЯ´ ЙКА *ж* кIохIалай гIадан

ЛЕНТЯ́ЙНИЧАТЬ *несов. разг.* кIохIалго вукIине, кIо-хIаллъиялда ругьунлъизе, кIвахI тIаде босизе

ЛЕНЦ//А́ *ж разг.:* **рабо́тать с ~о́й** кIохIалго хIалтIизе, гъира-цIа гьечIого хIалтIизе; **он с ~о́й** кIвахIалав чи вуго дов

ЛЕН//Ь *ж* **1.** кIвахI; **из-за ~и** кIвахI сабаблъун, кIвахIалъ **2.** *в знач. сказ. безл.* кIохIаллъизе; **мне ~ь** дун кIохIаллъун вгуо; **на́до бы мне пойти́ , да ~ь с ме́ста сдви́ нуться** дун ине кколан, амма гьаниса вагъаризе кIохIаллъун вуго

ЛЕОПА́РД *м зоол.* гъаплан (*цIиркъазул тайпаялъул жанавар*)

ЛЕПЕСТ//О́К *м* тIогьол тIамач; **~ки ро́зы** роза тIогьол (гIинтIидул тIегьалъул) тIанчал

ЛЕ́ПЕТ *м* 1) (*детский*) лъимадул гунгуни, гъулгъули (*жеги кIалъазе лъалалде букIунеб*) 2) (*невразумительная речь*) буъбуи, дуъдуи (*гIенеккарасда магIна бичIчIулареб*); **жа́лкий ~** бичIчIулеб гьечIелъул гурхIизе ккараб калам 3) *перен. (ручья и т.п.)* шуршур, чилчили

ЛЕПЕТА́ТЬ *несов. что* 1) (*о ребенке*) гунгудизе, гъулгъудизе (*лъимер*) 2) (*невнятно объяснять, бормотать*) буъбуиялда, дуъдуиялда гаргадизе, магIна бичIчIуларедухъ кIалъазе 3) *перен.* шуршудизе, чилчидизе

ЛЕПЁШК//А *ж* панкъ; **ржана́я ~а** агбил ханждал панкъ ◊ **расшиби́ ться в ~у** *лъиениги гIоло* гIодов речIчIун хвезеги хIадурав вукIине

ЛЕПИ́//ТЬ *несов.* 1) *кого-что (сундулниги*) гьабизе; **~ть ста́тую из гли́ ны** хIатIул статуя гьабизе; **ла́сточка ле́пит гнездо́** мигъиршоялъ бусен гьабула 2) *что разг. (приклеивать)* седезе; **~ть ма́рки на конве́рт** конверталда маркаби седезе

ЛЕПИ́ТЬСЯ *несов.* 1) цоцалъ рекIине, цоцалъ рекIун чIезе; **снег хорошо́ ле́пится** гIазу льикIго цоцалъ рекIун чIола 2) *перен.* цоцалъ рекIарал гIадин рукIине, седарал гIадин рукIине; **до́мики ле́пятся по скло́ну горы́** мегIералъул гъвелалда седарал гIадин, рекIун чIарал гIадин руго гIисинал минаби

ЛЕ́ПКА *ж* **1.** (*по гл.* **лепи́ ть**) рекIинаби, седей, *цо сундулниги щибниги* гьаби **2**. (*на стенах и т.п.*) *къадада, мокърукъ ва гь.ц. хIатIул ва цогидалъулги гьабураб* берцинаб накъиш, сурат

ЛЕПНО́Й, -ая, -ое *щибниги* рекIинабун, седон накъиш, сурат гьабураб; **~ потоло́к** *сундулниги* накъиш, сурат гьабун къачIараб мокърукъбакI

ЛЕПРОЗО́РИЙ *м мед.* лепрозорий (*барасалъ унтарал гIадамазе дару гьабулеб бакI)*

ЛЕ́ПТ//А *ж* бутIа (*сундулъниги гIахIаллъиялъул*); **внести́ свою́ ~у** жиндирго бутIа лъезе (*гIелмуялъулъ ва гь.ц.*)

ЛЕС *м в разн. знач.* рохь, хъарщи-цIул; **густо́й ~** ризаб рохь; **строево́й ~** минаби разе хъарщи-цIул ◊ **как в ~у́** рохьоб гIадин (*бичIчIуларин абураб магIнаялда*); **э́ то для меня́ тёмный ~** гьеб дие бецIаб рохь гIадин буго (*щибго бичIчIулеб гьечIин, балъголъи бугин абураб магIнаялда*); **кто в ~, кто по дрова́** *погов.* цояв рохьове, цояв цIулатIе (*дандеккунгутIиялъул хIакъалъулъ*)

ЛЕСА́[1] *мн. (строительные сооружения)* чIел (*мина базе санагIалъиялъе гьабураб*)

ЛЕСА́[2]**, ЛЕ́СА** *ж (для рыбной ловли)* ччугIа кколеб гъармахъалъул квар

ЛЕСИ́СТ//ЫЙ, -ая, -ое рохь ризаб, рохьал гIемераб, рохьал хIалаб, рохьахараб; **~ая ме́стность** рохьахараб бакI

ЛЕ́СКА *ж см.* **леса́**[2]

ЛЕСНИ́К *м* рохьил хъаравул

ЛЕСНИ́ЧЕСТВО *с* рохьихъанлъи

ЛЕСНИ́ЧИЙ *м* рохьазда тIад балагьулев чи

ЛЕСН//О́Й, -ая, -ое *в разн. знач.* рохьил, рохьилаб, рохьал ругеб, рохьалда хурхараб, хъарщи-цIулалъул; **~о́е хозя́йство** рохьил магIишат; **~а́я полоса́** рохьил чIва; **~о́й пожа́р** рохьоб ккараб цIа; **~а́я гру́ша** рохьил гени; **~о́й райо́н** рохьал ругеб бакI; **~а́я промы́шленность** рохьил промышленность; **~о́й институ́т** рохьил институт; **~о́й склад** хъарщи-цIулалъул склад

ЛЕСОВО́Д *м* рохь гIезабулев чи, рохьил хIалтIухъан

ЛЕСОВО́ДСТВО *с* рохьал гIезари

ЛЕСОЗАВО́Д *м* хъарщи-цIулалъул завод

ЛЕСОЗАГОТОВИ́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое рохьоса цIул хIадур гьабулеб, цIул къотIулеб, цIул хIадур гьабиялда, къотIиялда хурхараб; **~ пункт** цIул хIадур гьабулеб, къотIулеб пункт

ЛЕСОЗАГОТО́ВКИ *мн.* (*ед.* **лесозагото́вка** *ж*) цIул хIадур гьаби, цIул къотIи

ЛЕСОЗАЩИ́ТН//ЫЙ, -ая, -ое рохьал цIуниялъул, рохьал цIуниялда хурхараб; **~ая ста́нция** рохьал цIуниялъул станция

ЛЕСОМАТЕРИА́Л//Ы *мн.* (*ед.* **лесоматериа́л** *м*) хъарщи-цIул; **склад ~ов** хъарщи-цIулалъул склад

ЛЕСОНАСАЖДЕ́НИ//Е *с* **1.** (*искусственное разведение леса*) цIиял рохьал чIей **2.** *мн.* **~я** цIидасан гIезарурал рохьал; **защи́т-ные ~я** авлахъазда регьел цIуниялъе гIезарурал рохьал

ЛЕСОПА́РК *м* рохьил парк, паркалъе тараб рохь

ЛЕСОПИ́ЛКА *ж* 1) (*машина*) цIул хъухъалеб машина 2) *разг. см.* **лесопи́льня**

ЛЕСОПИ́ЛЬНЫЙ, -ая,-ое цIул хъухъалеб; **~ заво́д** цIул хъухъалеб завод

ЛЕСОПИ́ЛЬНЯ *ж* цIул хъухъалеб завод

ЛЕСОПИТО́МНИК *м* рохьор чIезе гIисинал гъутIби гIезарулеб бакI

ЛЕСОПОЛОСА́ *ж* рохьил чIва; **защи́тная ~** авлахъалда регьел цIунизе чIараб рохьил чIва

ЛЕСОПОСА́ДК//А *ж* **1.** (*посадка леса*) (*цIияб*) рохь чIей, рохьазе гъутIби чIей **2.***мн.* **~и** (*саженцы*) рохьор чIезе гIезарурал гIисинал гъутIби

ЛЕСОПОСА́ДОЧН//ЫЙ, -ая,-ое (*цIияб*) рохь чIеялъул, рохьазе гъутIби чIеялъул; **~ые рабо́ты** (*цIияб*) рохь чIеялъул, рохьазе гъутIби чIеялъул хIалтIаби

ЛЕСОПРОМЫ́ШЛЕННОСТЬ *ж* рохьил промышленность

ЛЕСОРАЗВЕДЕ́НИЕ *с* рохьал гIезари

ЛЕСОРАЗРАБО́ТКИ *мн.* (*ед.* **лесоразрабо́тка** *ж*) рохь къотIулел ва цIул хIадур гьабулел бакIал

ЛЕСОРУ́Б *м* рохьоса цIул къотIулев чи, рохь къотIулев чи

ЛЕСОРУ́БНЫЙ, -ая, -ое рохьоса цIул къотIиялъул, рохьоса цIул къотIулеб; **~ инструме́нт** рохьоса цIул къотIулеб тIагIел-алат

ЛЕСОСЕ́КА *ж* рохьоб цIул къотIизе бихьизабураб бакI

ЛЕСОСПЛА́В *м* гIоралъ цIул бачин, цIул тIами

ЛЕСОСТЕПНО́Й, -ая, -ое рохьалги авлахъалги журараб; **~ райо́н** рохьалги авлахъалги журараб ракь (бакI)

ЛЕСОСТЕ́ПЬ *ж* рохьалги авлахъалги журараб бакI

ЛЕСОТЕХНИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое рохьил техникаялъулаб

ЛЕСОТУ́НДРА *ж* рохьалги тундраги жубараб бакI

ЛЕСОХИМИ́ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое: **~ая промы́шленность** рохьил химиялъулаб (химиялъулаб къагIидаялъ цIулада тIад хIалтIи гьабулеб) промышленность

ЛЁСС *м геол.* лёсс (*канчImIогьилаб кьералъул хIур гIадинаб тамахаб ракь*)

ЛЕ́СТНИЦА *ж* мали, болъо; **пожа́рная ~** цIа свинабулезул мали ◊ **иерархи́ческая ~** чанго идара цояв цоялъул ихтияралда гъоркь букIин бихьизабулеб, тIаса гъоркье яги гъоркьа тIаде гьеб баян гьабулеб силсила

ЛЕ́СТНИЧН//ЫЙ, -ая, -ое малидул, болъодул; **~ая кле́тка** болъо лъезе тараб бакI

ЛЕ́СТНО 1. *нареч. (одобрительно)* разилъи лъазабун, беццун; **~ отзыва́ться** *о ком-л. лъилниги хIакъалъулъ* веццун ругIи абизе **2.** *в знач. сказ. безл.* разилъана, ракI бохана; **мне о́чень ~ слы́шать тако́й о́тзыв** дир рахъалъ гьедин абулеб ругIиялдаса дун цIакъ разилъана

ЛЕ́СТН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*содержащий похвалу*) *щибниги* беццараб, беццун абулеб; **~ые слова́** *щивниги* веццарал ругIаби; **~ый о́тзыв** *щивниги* веццун абулеб ругIи 2) (*удовлетворящий самолюбие*) ракI чIухIулеб, ракI пахрулъулеб; **~ое предложе́ние** ракI пахрулъулеб предложение

ЛЕСТЬ *ж (лицемерие)* бадиберецц, хIелхIедун гьабулеб рецц; **ни́зкая ~** инжитаб бадиберецц

ЛЕСХО́З *м (лесное хозяйство)* лесхоз (рохьил магIишат)

ЛЁТ *м* роржин, роржен ◊ **на ~у́** боржун унаго (гIедегIалихъе); **лови́ть (хвата́ть) на ~у́** боржун унаго кквезе

ЛЕ́Т//А *ж миф.:* **кануть в ~у** лъалкI нахъе хутIичIого тIагIине, тIубанго лъугIизе

ЛЕТА́ *мн.* 1) (*годы*) сонал, лъагIелал; **прошло́ мно́го лет** гIемерал сонал ана 2) (*возраст*) гIумру; **челове́к сре́дних лет** гьоркьохъеб гIумруялъул чи; **во цве́те лет** гIолохъанлъуда, гIумру жеги цебе букIаго ◊ **в ~х** (*пожилой*) гIумру арав, херлъи-ялде варав

ЛЕТАРГИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое *мед.* летаргиялъулаб; **~ сон** летаргиялъулаб макьу (кьижи)

ЛЕТАРГИ́Я *ж мед.* летаргия (*гIемераб заманалъ кьижун хутIулеб унти*), хун вугилан кколеб кьижи

ЛЕТА́//ТЬ *несов.* 1) роржанхъизе, роржен гьабизе; **над го́родом ~ют самолёты** шагьаралда тIад самолетал роржанхъулел руго; **в во́здухе ~ли ба́бочки** кIалкIучIал гьаваялда роржанхъулел рукIана 2) *перен. (двигаться легко и быстро*) дурун ине, векерун ине, боржунеб жо гIадин ине

ЛЕТ//Е́ТЬ *несов.* 1) роржине 2) *разг. (падать) (гъоркье*) бортизе, боржун ине; **бума́ги ~я́т со стола́** кагътал столалдаса гъоркье рортулел руго, роржунел руго 3) *перен. (мчаться)* цебесан паркъун ине, кутакаб хехлъиялда ине, роржарал жал гIадин ине; **он ~и́т сломя́ го́лову** гIодов речIчIани, кIитIелеб хIалалъ унев вуго дов; **~е́ть стрело́й** речIчIараб чIор гIадин ине *(хехго)* 4) *перен. (о времени) (заман)* хехго ине, боржун ине; **дни ~я́т** къоял хехго унел руго, роржунел руго ◊ **~ает кувырко́м** гевегун (дугIнул чIун) унев вуго

ЛЕ́ТНИЙ, -яя, -ее риидалил, роол, роолаб; **~ день** риидалил къо

ЛЁТН//ЫЙ, -ая, -ое 1) роржарухъанлъиялъул, рорженалда хурхараб, роржине бегьулеб; **~ая пого́да** *самолетал* роржине бегьулеб гьава-бакъ 2) роржарухъабазул, летчиказул; **~ая шко́ла** летчиказул школа

ЛЕ́ТО *с* рии; **э́ тим ~м** исана риидал; **про́шлым ~м** гьоркьиса риидал; **бу́дущим ~м** тIадеялъул риидал ◊ **ба́бье ~** хасалихълъиялъул авалалда хинал, роцIарал къоял; **ско́лько лет, ско́лько зим!** чан рии сверараб, чан хасел араб (*долдаса нахъе*)!

ЛЕТО́К *м* найил тIалаялъул каратI, кIалтIу *(наял роржине)*

ЛЕ́ТОМ *нареч.* риидал; **~ про́шлого го́да** араб сонал риидал, гьоркьиса риидал; **~ бу́дущего го́да** бачIунеб сонал риидал, тIадеялъул риидал

ЛЕТОПИ́СЕЦ *м* летописец (*щибаб сонал ккарал тарихиял лъугьа-бахъинал хъвалев чи*)

ЛЕТОПИ́СНЫЙ, -ая, -ое летописал(аб)

ЛЕ́ТОПИСЬ *ж* летопись (*лъагIелазул тартиб цIунун хъвараб некIсияб таварих*)

ЛЕТОИСЧИСЛЕ́НИ//Е *с* соназул хIисаб, тарих, соназул хIисаб гьабулеб къагIида, къанун; **в восьмисо́том году́ по мусульма́нскому ~ю** бусурман тарихалъул микьнусабилеб соналда

ЛЕТУ́ Н *м разг.* 1) (*тот, кто летает*) воржине гьунар бугев чи, воржарухъан, воржун унев чи 2) *перен.* гIемераб гIарац къваригIун цо хIалтIудаса цогидалде вортулев чи, цо бакIалда хIалтIун яхI гьабуларев чи

ЛЕТУ́ Ч//ИЙ, -ая, -ее 1) (*способный летать*) боржанхъулеб, боржунеб 2) (*легко испаряющийся*) гьаваялде ун тIагIунеб, хехго хIухьладе сверулеб; **~ие эфи́рные масла́** хехго хIухьладе сверулел эфиралъул нахал 3) *перен. (короткий*) къокъаб, хехго лъугIулеб; **~ее собра́ние** къокъаб данделъи ◊ **~ая мышь** дергело, къохьолъалкIач; **~ая ры́ба** боржунеб ччугIа (*ччугIбузул цо тайпа*)

ЛЕТУ́ЧКА *ж разг.* 1) (*печатный листок*) къокъаб баян хъван, тIибитIизабулеб тIамач (*прокламация*) 2) (*собрание*) хехаб, къокъаб данделъи

ЛЁТЧИК *м* лётчик, воржарухъан; **~ –испыта́тель** летчик–испытатель; **~ – космона́вт** летчик-космонавт

ЛЁТЧИЦА *ж* лётчица, йоржарухъан

ЛЕЧЕ́БНИЦА *ж* лечебница, дару гьабулеб, (унтарал) сахлъизарулеб идара, азархана

ЛЕЧЕ́БН//ЫЙ, -ая, -ое даруяб, даруялъулаб, дару гьабиялда хурхараб, (унтарал) сахлъизарулеб, лъилъизарулеб; **~ые тра́вы** даруял хурдул; **~ое учрежде́ние** (унтарал) сахлъизарулеб идара

ЛЕЧЕ́НИ//Е *с* **1.** (*по гл.* **лечи́ ть**) дару гьаби, сахлъизари **2.** (*по гл.* **лечи́ ться**) живго сахлъизави, живго лъилъизави

ЛЕЧИ́ТЬ *несов. кого-что* сахлъизавизе, лъилъизавизе, дару гьабизе; **~ больно́го** унтарав сахлъизавизе, унтарав лъилъизавизе; **кто вас ле́чит?** лъица дуе дару гьабулеб бугеб? (лъица мун сахлъизавулев вугев?)

ЛЕЧИ́ ТЬСЯ *несов.* сахлъизе, лъилъизе; дарабаз сахлъизе, лъилъизе; **~ от ревмати́ зма** гьуразул унтудаса сахлъизавизе (*живго*); **у кого́ вы ле́читесь?** лъица мун сахлъизавулев вугев?

ЛЕЧУ[1], летиґшь *и т.д. наст. от* **лете́ть**

ЛЕЧУ́ [2], лчишь *и т.д. наст. от* **лечи́ ть**

ЛЕЧЬ *сов.* 1) вегизе; **~ на крова́ть** кроваталда вегизе; **~ ничко́м** кIалагъоркье вегизе; **~ на́взничь** чехьатIаде вегизе 2) (*расположиться спать*) кьижизе вегизе; **де́ти уже́ легли́** лъимал кьижизе регун руго 3) (*распространиться на поверхности чего-л.*) *сунданиги тIад* бегун чIезе, тIибитIизе 4) (*взять направление*) *цо кибениги* балагъун букIине (*нух ва гь.ц.*) ◊ **~ в дрейф** *мор.* цо бакIалда чIун хутIизе; **~ в осно́ву** *сундулниги* кьучI-лъун, аслулъун букIине

ЛЁШ//ИЙ *м фольк.* рохьил шайтIан ◊ **како́го ~его** щиб къваригIун бугеб, щай вачIарав; **ну тебя́ к ~ему!** *бран.* яре цевеса!

ЛЕЩ *м зоол.* лещ ччугIа

ЛЕЩИ́ НА *ж бот.* рохьил цIулакьодул гъветI

ЛЕ́Я *ж* лея (*румыназул гIарац*)

ЛЖЕНАУ́ КА *ж* гьересигIелму

ЛЖЕНАУ́ ЧНЫЙ, -ая, -ое гьересигIелмуялъул

ЛЖЕСВИДЕ́ТЕЛЬ *м* гьересинугI, гьереси бицун нугIлъи гьабулев чи

ЛЖЕСВИДЕ́ТЕЛЬСТВО *с* гьересинугIлъи

ЛЖЕСВИДЕ́ТЕЛЬСТВОВАТЬ *несов.* гьересинугIлъи гьабизе

ЛЖЕУЧЕ́НИЕ *с* ургъун бахъараб, хIакъикъаталда данде кколареб гIелмияб теория

ЛЖЕУЧЁНЫЙ *м* гьересигIалимчи

ЛЖЕЦ *м* гьерсихъан, гьересичи, гьерсал рицунев чи

ЛЖЁШЬ, лжёт *и т.д. наст. от* **лгать**

ЛЖИ *род., дат. и предл. п. от* **ложь**

ЛЖИ́ ВОСТЬ *ж* гьерсихъанлъи, гьересияб букIин

ЛЖИ́ В//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*склонный ко лжи*) гьереси бицунев; **~ый челове́к** гьереси бицунев чи 2) (*содержащий ложь*) гьересияб; **~ое заявле́ние** гьересияб гIарза (лъазаби)

ЛИ 1. *частица* -ха, -го, -дай; **придёшь ли ты?** мун вачIиневищха?; **не зна́ю, приду́ ли** лъаларо вачIиневищалиго; **возмо́жно ли э́ то** гьеб букIине бегьиладай **2.** *союз* -ги; **ра́но ли, по́здно ли, но приду́** хехго кканиги, кватIун кканиги, вачIина

ЛИА́НА *ж бот.* лиана

ЛИБЕРА́Л *м* 1) либерал (*либерализмалъул рахъ кколев чи*) 2) либерал (*либерализ партиялъул член*) 3) *перен.* заралияб сабруялъул чи

ЛИБЕРАЛИ́ ЗМ *м* 1) либерализм (*политикаялъул цо хаслъи)* 2) *перен.* заралияб сабру гьаби

ЛИБЕРА́ЛЬНИЧАТЬ *несов. с кем разг.* заралияб сабру гьабизе

ЛИБЕРА́ЛЬНОСТЬ *ж* заралияб сабру (гьаби)

ЛИБЕРА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое либералияб; **~ая па́ртия** либералияб партия

ЛИ́БО *союз. разд.* я, яги, ялъуни; **~ сего́дня, ~ за́втра** я жакъа, я метер; **~ тот, ~ друго́й** я доб, яги добцояб

ЛИБРЕ́ТТО *с нескл.* либретто (1 *операялъул ва гьединал цогидалги музыкалиял асаразул текст*; *2 пьесаялъул, операялъул къокъаб хIасил, сценарий*)

ЛИ́ ВЕНЬ *м* 1) чвахунцIад; **хлы́ нул ~** кутакалда чвахунцIад бана 2) цIад гIадин тIаде балеб гулла ва гь.ц.; **~ пуль** гуллил цIад

ЛИ́ВЕР *м* тIул-ракI (*хIайваналъул*); **пиро́г с ~ом** тIул-ракI жаниб лъураб пурцина (пирог)

ЛИ́ВЕРН//ЫЙ, -ая, -ое тIул-ракIалъул; **~ая колбаса́** тIул-ракIалъул цIурабакь

ЛИВМЯ́ *нареч. разг.*: **дождь ~ льёт** чвахун, тIупан тIоледухъ балеб буго цIад

ЛИ́ГА *ж* лига (*пачалихъазул яги идарабазул цолъи́*) **Ли́га на́ций** *ист.* Миллатазул цолъи

ЛИГАТУ́ РА *ж* лигатура *(1 хим. месед-гIарацалде пахь яги тIухьи жубан, кIвакIизабураб жо; 2 полигр. – цо хъвавулаб ишараялъ кIиго-лъабго хIарп бихьизаби; 3 мед. – операция гьабуле-лъул, жинца бидурихьал рухьунеб кун*)

ЛИ́ ДЕР *м* лидер; бетIер, цевехъан, нух бихьизабулев чи

ЛИДИ́РОВАТЬ *несов.* цеве ккезе, цеве ворчIизе; **~ в велого́нке** велосипедал риччаялъул кьецазда цеве ккезе

ЛИ́ЖУ́ , ли́жешь *и т.д. наст. от* **лиза́ть**

ЛИЗА́ТЬ *несов. кого-что* чIикIизе ◊ **~ ру́ки** *кому-л. презр. лъилниги* кверал чIикIизе, хIелхIедизе

ЛИЗНУ́ ТЬ *однокр. к* **лиза́ть**

ЛИК[1] *м* 1) *уст. (лицо)* гьумер, куц, сипат 2) *перен.* сурат, гьумер, бихьулеб куц; **~ луны́** моцIрол сурат

ЛИК[2] *м уст.*: **причи́ слить** *кого-л.* **к ~у святы́ х** *цо щивниги* шайихлъун хъвазе, силсилаялде восизе

ЛИКВИДА́ЦИЯ *ж в разн. знач.* тIагIинаби, лъугIизаби, къай; **~ негра́мотности** хъвазе-цIализе лъангутIи лъугIизаби

ЛИКВИДИ́РОВАТЬ *сов. и несов. кого-что* тIагIинабизе, лъугIизабизе, къазе; **~ задо́лженность** налъи лъугIизабизе; **~ отстава́ние в рабо́те** хIалтIулъ нахъеккей лъугIизабизе; **~ трест** трест къазе

ЛИКВИДИ́ РОВАТЬСЯ *сов. и несов.* тIагIине, лъугIизе

ЛИКЁР *м* **ликёр**

ЛИКОВА́НИЕ *с* кIудияб рохел, кутакаб рохел; **их охвати́ -ло ~** дол кутакалда рохана

ЛИКОВА́//ТЬ *несов.* цIакъ рохизе, кутакалда рохизе; **наро́д ~л** халкъ цIакъ бохана

ЛИЛИПУ́ Т *м* лилипут (*цIакъго чорхокъав чи*)

ЛИЛИПУ́ ТКА *ж* лилипутка

ЛИ́ ЛИЯ *ж бот.* лилия тIегь

ЛИЛО́ВЫЙ, -ая, -ое лилиялъул кьераб (канчIхъахIилаб)

ЛИМА́Н *м* лиман (*гIор ралъдалъе чвахулеб бакIалда лъугьараб хIорчIел*)

ЛИМИ́ Т *м* лимит, чIезабураб къадар; **не превыша́ть ~** чIезабураб къадаралдаса цIикIкIунгутIизе

ЛИМИТИ́РОВАТЬ *сов. и несов. что* лимит чIезабизе, къадар чIезабизе

ЛИМО́Н *м (плод и дерево)* лимон ◊ **как вы́ жатый ~** къан цIцIураб лимон гIадинав, къуват, бажари лъугIарав

ЛИМОНА́Д *м* лимонад

ЛИМО́ННЫЙ, -ая, -ое 1) лимоналъул; **~ сок** лимоналъул лъим (сок) 2) (*о цвете*) лимоналъул кьераб

ЛИНГВИ́ СТ *м* мацIазул гIалимчи, лингвист

ЛИНГВИ́ СТИКА *ж* мацIазул гIелму, лингвистика

ЛИНГВИСТИ́ ЧЕСКИЙ, -ая, -ое лингвистикияб, лингвистикаялъулаб, мацIазул гIелмуялъул

ЛИНГОФО́НН//ЫЙ,-ая, -ое лингофоналъулаб, хасаб аппаратураялъул кумекалдалъун батIияб мацI лъазабизе бугеб; **~ый кабине́т** лингофоналъулаб кабинет

ЛИНЕ́ЙК//А *ж* 1) (*линия*) мухъ, хIучч; **тетра́дь в косу́ю ~у** хъвалсан хIуччал цIараб тетрадь 2) (*планка*) линейка, хIучч (мухъ) цIалеб жо; **логарифми́ческая ~а** логарифмазул линейка 3) (*строй в одну шеренгу*) кьер 4) (*сбор пионеров, военных*) линейка, кьерда чIун, данделъи

ЛИНЕ́ЙН//ЫЙ, -ая, -ое 1) хIуччазул, мухъазул; **~ый орна́мент** хIуччазул, мухъазул накъиш 2) *воен. устар.* гIорхъолаб, гIурхъияльул мухъалда бугеб; рагъулал ишазе бугеб

ЛИ́НЗА *ж* линза, цIер; **~ микроско́па** микроскопалъул цIер; **увели́чивающая ~** кIодо гьабун бихьизабулеб цIер

ЛИ́НИ//Я *ж* 1) мухъ, хIучч; **прямáя ~я** битIараб хIучч; **ло́маная ~я** бек-бекараб хIучч; **волни́стая ~я** гьетI-гьетIараб хIучч 2) (*ряд*) линия, кьер; **вы́строиться в ~ю,** кьер гьабун чIезе**,** кьерда чIезе; **высоково́льтная ~я** кутакаб токалъул (квар бачараб) линия 3) (*путь сообщения*) нух; **трамва́йная ~я** трамвая-лъул нух ◊ **~я па́ртии** партиялъул нух; **идти́ по ~и наиме́ньшего сопротивле́ния** бигьаяб нухдасан ине, бигьаяб тIаса бищизе; **гнуть свою́ ~ю** жиндирабго чIезабизе, жиндирабго ккун чIезе

ЛИНКО́Р *м воен.-мор. (линейный корабль)* линкор

ЛИНО́ВАНН//ЫЙ, -ая, -ое мухъал ругеб, мухъал рахъараб; хIуччал ругеб, хIуччал рахъараб; **~ая бумáга** хIуччал (мухъал) рахъараб кагъат

ЛИНОВА́ТЬ *несов. что* хIуччал (мухъал) рахъизе (цIазе)

ЛИНО́ЛЕУМ *м* линолеум

ЛИНОТИ́ П *м полигр.* линотип (мухъал рищулеб машина)

ЛИНОТИ́ПНЫЙ, -ая, -ое *полигр.* линотипалъул, линотипалъулаб, линотипалъ бищараб; **~ набо́р** линотипалъулаб набор

ЛИНЧ: суд Ли́нча Линчил суд (США*лда негразе гьабулеб букIараб вахIшияб суд; закон-къануналъухъго балагьичIого, чIвазе къотIи*)

ЛИНЧЕВА́ТЬ *сов. и несов. кого* Линчил суд гьабизе, цIехрех гьабичIого чIвазе

ЛИНЬ *м зоол.* линь ччугIа

ЛИ́ НЬКА *ж* кьер хиси; цIира гъин, цIида бацIцIин

ЛИНЮ́ Ч//ИЙ, -ая, -ее *разг.* хехго кьер хисулеб; **~ая мате́рия** хехго кьер хисулеб ххам

ЛИНЯ́ ЛЫЙ, -ая, -ое *разг.* кьер хисараб, кьер хвараб, кьер араб

ЛИНЯ́//ТЬ *несов.* 1) (*о материи*) кьер хисизе, кьер хвезе, кьер ине; **си́тец ~ет** читил кьер хола 2) (*о животных*) цIира гъине, цIида бацIцIине

ЛИ́ ПА[1] *ж бот.* гьад

ЛИ́ ПА[2] *ж прост. (фальшивка, подделка*) *щибниги* гьересияб жо, цогиялда релълъинабун гьабураб гьересияб документ *ва гь.ц.*

ЛИ́ ПК//А *ж уменьш. от* **липа[1]** ◊ **ободра́ть** *кого-л.* **как ~у** *прост.* тала гьавизе, кинабго кодоса бахъизе

ЛИ́ ПК//ИЙ, -ая, -ое рекIун чIолеб, седон чIолеб, сину хIалаб, рекIарунеб; **~ая бумáга** седон чIолеб кагъат

ЛИ́ ПН//УТЬ *несов. к кому-чему* 1) (*прилипать*) рекIине, рекIун хутIизе, рекIун чIезе, седон чIезе; **бумáга ~ет к па́льцам** кагъат килщазда рекIун чIола 2) *перен. разг. (назойливо приставать*) тIаса вичIунгутIизе, пицIил рукъи гIадин, рекIун чIезе 3) *разг. (слипаться*) дандрекIине

ЛИ́ ПОВ//ЫЙ[1], -ая, -ое гьадил; **~ая кора́** гьадил хъал; **~овый цвет** гьадил кьер

ЛИ́ ПОВЫЙ[2], -ая, -ое *прост. (фальшивый)* гьересияб, хилипаб; **~ докуме́нт** гьересияб документ

ЛИ́ РА[1] *ж муз.* лира

ЛИ́ РА[2] *ж* лира (*Италиялъул гIарцул цIар*)

ЛИ́ РИК *м (поэт*) лирик, лирикиял асарал хъвалев поэт (шагIир)

ЛИ́ РИК//А *ж* лирика (*авторасул рекIел хIал загьир гьабулеб поэзия*)

ЛИРИ́ ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое лирикияб, рекIел асар загьир гьабулеб

ЛИСА́ *ж* 1) *см.* **лиси́ца** 2) *перен.* макруяв чи, хIиллачи, сихIираб цер

ЛИ́ СИЙ, -ья, -ье 1) царал, царалаб; **~ мех** царал цIоко 2) *перен.* (*хитрый*) макруяб, хIиллаяб, сихIираб, царалаб

ЛИСИ́ ЦА *ж зоол.* цер

ЛИСИ́ЧКА *ж уменьш. от* **лиси́ца** 2) (*гриб*) (тIогьилаб гIурдахIан)

ЛИСТ *м* 1) (*мн.* **~ья** *и* **~ы́**) *бот.* тIамах, тIагь; **сухи́е ~ья** ракъварал тIанхал 2) (*мн.* **~ы́**) тIамач, хъарщи, лист; **~ тетради** тетрадалъул тIамач; **~ желе́за** маххул лист 3) (*мн.* **~ы́**) *(документ)* тIамач, лист; **похва́льный ~** реццалъул тIамач ◊ **а́вторский ~** авторасулаб лист; **игра́ть с ~о́й** *муз.* нотабазда тIаде ралагьун бакъан бачине *(цебеккун хIадурлъи гьабичIого)*

ЛИСТА́Ж *м полигр.* листаж, *щибниги басмаялда бахъизе биччараб* кагътил тIанчазул къадар

ЛИСТА́ТЬ *несов. что разг.* тIанчал регизе; **~ кни́ гу** тIехь бегизе

ЛИСТВ//А́ *ж собир.* тIамах, тIанхал; **дере́вья оде́лись ~о́й** гъутIбузда тIамах бана

ЛИ́СТВЕННИЦА *ж бот.* тIанхилал гъутIби, тIанхилал гъутIбузул рохь

ЛИ́ СТВЕНН//ЫЙ, -ая, -ое тIанхилаб (*рохь, гъветI)*; **~ые дере́вья** тIанхилал гъутIби

ЛИСТО́ВК//А *ж* листовка; **распространя́ть ~и** листовкаби тIиритIизаризе

ЛИСТОВ//О́Й, -ая, -ое 1) (*относящийся к листьям*) тIанхилаб; **~ой таба́к** танхьил тIамах 2) (*имеющий форму листа*) листалъул, листазул; **~о́е желе́зо** маххул листал

ЛИСТО́К *м* 1) *уменьш. от* **лист; дубо́вый ~** миккил тIамах; **вы́ рвать ~ из тетра́ди** тратрадалдаса тIамач тIун нахъе босизе 2) *жинда батIи-батIиял баянал хъвалев* кIудияб гьечIеб кагътил тIамач, бланк; **больни́ чный ~** унтиялъул листок

ЛИСТОПА́Д *м* хасалихъе тIамах гъин; тIамах гъунеб заман

ЛИТА́ВРЫ *мн.* (*ед.* **лита́вра** *ж*) *муз.* литавраби (*кьабулел къалазул цо тайпа*)

ЛИТЕ́ЙН//ЫЙ, -ая, -ое **1.** *тех.* маххчаран биналъул, маххчаран биунеб; **~ые заво́ды** маххчаран биунел заводал; **~ая фо́рма** маххчаран жаниб биунеб халип **2.** *в знач. сущ.* **~ая** *ж* маххчаран биунеб бакI (*цех, завод*)

ЛИТЕ́ЙЩИК *м* маххчаран биунев чи

ЛИ́ ТЕРА *ж* 1) *полигр.* литера (*басмаханаялъул щибаб хIарпалъул халип*) 2) *уст. (буква)* хIарп

ЛИТЕРА́ТОР *м* литератор, адабиятчи

ЛИТЕРАТУ́ РА *ж* 1) адабият 2) литература (*гIелмуялъул ва гь.ц. суалазда хурхарал асарал*)

ЛИТЕРАТУ́РН//ЫЙ, -ая, -ое адабияталъул, адабияталъулаб; **~ое произведе́ние** адабияталъул асар; **~ый язы́к** адабияталъулаб мацI

ЛИТЕРАТУРОВЕ́Д *м* адабият лъазабулев чи, адабияталъул гIалимчи

ЛИТЕРАТУРОВЕ́ДЕНИЕ *с* адабият лъазаби, адабият лъазабулеб гIелму

ЛИ́ ТИЙ *м* литий (*хим. элемент, металл*)

ЛИТО́ВЕЦ *м* литваялъулав

ЛИТО́ВКА *ж* литваялъулай

ЛИТО́ВСКИЙ, -ая, -ое литваялъулаб, литваялъулазул; **~ язы́к** литваялъулазул мацI

ЛИТО́ВЦЫ *мн.* литваялъулал

ЛИТОГРА́ФИЯ *ж* ганчIидасан басмаялда бахъулеб къагIида; ганчIидасан басмаялда бахъулеб мастерская; ганчIида бикIаралдасан бахъараб сурат (*цебегосеб къагIида*)

ЛИТ//О́Й, -ая, -ое биун тIураб; **~ы́е изде́лия** риун тIун гьарурал жал, тIагIелал

ЛИТР *м* литр

ЛИТРО́В//ЫЙ, -ая, -ое литралъул, цо литр жанибе унеб (тIолеб); **~ая ба́нка** цо литр тIолеб банка

ЛИТЬ *несов.* 1) *что (жидкость*) тIезе; **~ во́ду в стака́н** стаканалъубе лъим тIезе 2) *разг. (сильно течь)* чвахизе, чвахун тIезе; **вода́ льёт из кра́на** кранальусан лъим чвахулеб буго; **дождь льёт как из ведра́** гIертIинисан (ведроялъ) гIадин, чвахун тIолеб

буго цIад 3) *что* риун тIезе; ~ **пу́шки** гIарадаби риун тIезе ◊ ~ **слёзы** кутакалда гIодизе; ~ **во́ду** *на чью-л.* **ме́льницу** *погов. лъилниги* пикруялъул рахъ ккун далилал рачине

ЛИТЬЁ *с тех.* **1.** (*по гл.* **лить**) риунтIей **2**. *собир. (изделия)* риун тIурал жал; **чугу́нное** ~ хъазмил риун тIурал жал

ЛИ́ТЬСЯ *несов. (о жидкости)* чвахизе, чвахун тIезе; **вода́ льётся** лъим чвахулеб буго

ЛИФ *м* лиф *(руччабазул гурдил бакъулъачерх къалеб бутIа)*

ЛИФТ *м* лифт

ЛИФТЁР *м* лифтер, лифт бачунев чи, лифт хIалтIизабулев чи

ЛИФТЁРША *ж* лифтерша, лифт бачуней чIужу, лифт хIалтIизабулей гIадан

ЛИ́ ФЧИК *м* лифчик, курмул къалеб жо

ЛИХА́Ч *м* 1) *уст.* лебалал чуял рараб пайтон кутакалда хехго бачунев чи 2): **шофёр – ~** машина кутакалда хех бачунев шофер

ЛИХВ//А́ *ж*: **с ~о́й** *разг.* цIикIкIелгун, тIаде цIикIкIун щун; **затра́ты оку́пятся с ~о́й** тIад араб харж цIикIкIелгун нахъе щвела

ЛИ́ Х//О[1] *с разг. (зло)* квешлъи́; **хлебну́ть ~а** квешлъи бихьи-зе, квешлъи хIехьезе ккезе ◊ **не помина́йте** (*меня*) **~ом!** *дун* квешав чи вукIанилан ракIалде щвезавуге!

ЛИ́ХО[2] *нареч.* чIухIун, гIамал кIодого; ~ **заломи́ть ша́пку** чIухIун, ункъихъе бекизабун тIагъур лъезе

ЛИХ//О́Й[1], -ая, -ое *разг. (злой, недобрый)* квешаб; **~о́й челове́к** квешав чи; **в ~о́й час** квешаб, санагIат гьечIеб заманалда ◊ **~а́ беда́ нача́ло** *погов.* байбихьизе кидаго захIмалъула

ЛИХО́Й[2], -ая, -ое *разг. (удалой)* бахIарчияв, кIалкъулав, лебалав; ~ **нае́здник** лебалав чотIахъан

ЛИХОРА́ДИ//ТЬ *несов. безл.* сородизе, гъаризе, сири базе, гъаргъар щвезе; **меня́ ~т** диде гъаргъар щун буго, дун сородизавулев вуго

ЛИХОРА́ДК//А *ж* 1) (*болезнь*) бакъул унти, сири; **при́ ступ ~и** сири бай 2) *перен.* кьалха-риххи, хIалуцараб ахIвал-хIал, цIадулъ росун рукIин; **биржева́я ~а** биржаялда кьалха-риххи ◊ **крапи́ вная ~а** рукен, рукадул унти, мичIчIил унти

ЛИХОРА́ДОЧН//ЫЙ, -ая, -ое 1) бакъул унтиялъул; **~ый бред** бакъул унтиялъ риччалъ гаргазави 2) *перен.* кьалха-риххараб, хIалуцараб, цIадулъ босараб; **~ая де́ятельность** цIадулъ босараб хIаракатчилъи, хIалтIи

ЛИЦЕВА́ТЬ *несов. что* цIидасан, бегуниса рахъ тIаде гьабун букъизе; ~ **пальто́** пальто цIидасан, бегуниса рахъ тIаде гьабун, букъизе

ЛИЦЕВ//О́Й, -ая, -ое 1) гьурмал, гьумералъул, гьумералъулаб, гьурмада ругел; **~ы́е мы́шцы** *анат.* гьурмал ччорбал 2) (*наружный, передний*) битIуниса; цебесеб; **~а́я сторона́ мате́рии** ххамил битIуниса рахъ; **~а́я сторона́ до́ма** минаялъул цебесеб рахъ ◊ **~о́й счет** *фин.* лицевой счет *(цо пуланав чиясе рагъараб счет)*

ЛИЦЕЗРЕ́ТЬ *несов. кого-что уст., ирон.* бер речIчIизабизе, бер щвезабизе

ЛИЦЕИ́ СТ *м* лицеист, лицеялъул цIалдохъан

ЛИЦЕ́Й *м* лицей (*гьоркьохъеб лъай кьолеб цIалул заведение*)

ЛИЦЕЙСК//ИЙ, -ая, -ое лицеялъул, лицеялъулаб; **~ие стихи́ Пу́шкина** Пушкинил лицеялъулал (лицеялда цIалулелъул хъварал) кучIдул

ЛИЦЕМЕ́Р *м* кIигьумерчи, кIигьумерав чи

ЛИЦЕМЕ́РИЕ *с* кIигьумерчилъи, гьурмахъ балагьун рагIи бицин, иш гьаби

ЛИЦЕМЕ́РИТЬ *несов.* кIигьумерчилъи гьабизе, гьурмахъ балагьун рагIи бицине, иш гьабизе

ЛИЦЕМЕ́РКА *ж* кIигьуимерчIужу, гьурмахъ балагьун рагIи бицуней, иш гьабулей гIадан

ЛИЦЕМЕ́РНЫЙ, -ая, -ое кIигьумерчилъиялъулаб; кIигьумераб; кIиго гьумер бугев; ~ **челове́к** кIиго гьумер бугев чи, кIигьумерчи

ЛИЦ//О́ *с* 1) гьумер; **черты́ ~а́** гьурмал сипат-куц; **прия́тное ~о́** бахьинаб гьумер, берцинаб гьумер 2) (*человек*) чи, гIадан, инсан; **изве́стное ~о́** машгьурав чи, цIар рагIарав инсан; **официа́льное ~о́** официалияв чи; **подставно́е ~о́** чияр цIаралда, гьересиго сундуениги пайда босарав чи 3) (*лицевая сторона*) битIуниса рахъ; цебесеб рахъ 4) *грам.* гьумер; **измене́ние глаго́ла по ~ам** глагол гьумеразде свери (хиси) ◊ **ки́ слое ~о** *сундасаниги* разилъичIого букIкIинабураб гьумер; **~о́м к ~у́** бадиса бадибе; **от ~а́** *кого-л. лъилниги* рахъалдасан, лъилниги цIаралдасан; **пе́ред ~о́м** *чего-л. сунданиги* цебе, *щибниги* тIаде щведал; **пе́ред ~о́м опа́сности** хIинкъи тIаде щведал; **у него́ ~о́ вы́тянулось** досул гьумер цIан бачIана; **~а́ [живо́го] нет** гьумер хъахIлъун буго, хварав чи гIадин лъугьун вуго; **изме́ниться в ~е́** гьурмал кьер тIезе, багIарлъун-хъахIлъун вахьине, лъугьине; **пока́зывать това́р ~о́м** бичулеб кьайи босулесе бещзизе; **стере́ть с ~а́ земли́** тIубанго тIагIинабизе (щущазабизе), ракьалдасаго лъугIизабизе

ЛИЦО́ВАННЫЙ, -ая, -ое бегуниса рахъ тIаде гьабун, цIидасан букъараб

ЛИЧИ́ Н//А *ж* 1) маска; куц-бегI 2) кIулие каратIги бугеб жанисеб рахаялда тIад нуцIида лъолеб металлалъул пластинка

ЛИЧИ́ НКА *з зоол. жиндасан хIутI, хIапара лъугьунеб* жилла, къвачIа, хоно

ЛИ́ ЧНО *нареч.* живго; битIахъе жиндирго рахъалдасан

ЛИЧН//О́Й, -ая, -ое гьурмал, гьумералъул, гьумералъулаб; жиндирго, жиндирабго, жиндиего хасаб; **~о́е полоте́нце** жиндирго хасаб полотенце

ЛИ́ ЧНОСТ//Ь *ж* чи, инсан, гIадан; инсанасул напс; **ви́дная ~ь** къадру-къимат бугев чи, машгьурав чи; **роль ~и в исто́рии** тарихалда жаниб цо чиясул напсалъул роль, кIвар; **установи́ть** *чью-л.* ~ *цо щивниги* щив чи кколевали лъазабизе ◊ **переходи́ ть на ~и** *лъиениги* квеш букIунеб, напсалда хъинтIулеб бадибчIвай гьабизе

ЛИ́ ЧН//ЫЙ, -ая, -ое 1) жиндирго, живго бетIергьанаб, жинцаго гьабулеб, напсияб; **~ое иму́щество** живго бетIергьанаб боцIи-бечелъи; **~ое наблюде́ние** жинцаго гьабулеб хал-шал 2) *грам.* гьумералъул; **~ые местоиме́ния** гьумералъул цIарубакIал

ЛИША́Й *м* 1) *см.* **лиша́йник** 2) *мед.* хъутур, кветIел

ЛИША́ЙНИК *м бот.* хъутур

ЛИША́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **лиши́ ть(ся)**

ЛИ́ Ш//ЕК *м разг.*: **с ~ком** цIикIкIун; **два́дцать лет с ~ком** къого соналдаса цIикIкIун; кколелдаса цIикIкIун

ЛИШЕ́НИ//Е *с* **1.** (*по гл.* **лиши́ть**) махIрум гьави, махIрумлъизави; **~е избира́тельных прав** рищиялда гIахьаллъизе ихтияралдаса махIрумлъизаби **2**. (*по гл.* **лиши́ться**) махIрум-лъизе **3**. *мн.* **~я** (*нужда*) гьечIолъи, пакъирлъи, мискинлъи; **терпе́ть ~я** накъирлъи (мискинлъи) бихьизе (хIехьезе ккезе)

ЛИШИ́ТЬ *сов. кого-что, кого-чего* махIрум гьавизе, махIрумлъизавизе; ~ **насле́дства** ирсалдаса махIрум гьавизе; ~ **свобо́ды** эркенлъиялдаса махIрум гьавизе, жанив тIамизе ◊ ~ *кого-л.* **сло́ва** рагIи кьунгутIизе, кIалъазе гьукъизе; ~ **жи́зни** чIвазе, хвезавизе

ЛИШИ́ ТЬСЯ *сов. кого-чего* махIрумлъизе, ватIалъизе (*сундасаниги*), гьечIого хутIизе; ~ **созна́ния** гIакълуялдаса ине; ~ **иму́щества** боцIи-бечелъиялдаса ватIалъизе; ~ **свобо́ды** эркенлъи-ялдаса махIрумлъизе, туснахъалде ккезе; ~ **ре́чи** кIал-мацI ккезе, кIалъазе кIоларого, лъугьине; ~ **слу́ха** гIинкълъизе, рагIи рагIунгутIизе ◊ ~ **рассу́дка** гIакълу босизе, бетIер сверизе

ЛИ́ШН//ИЙ, -яя, -ее 1) (*избыточный*) тIокIаб, тIокIлъараб; **~ие ве́щи** тIокIаб къайи, тIокIлъарал жал 2) (*ненужный*) ккола-реб, къваригIунареб, хIажалъуларе6, гIададисеб; **~ий расхо́д** гIададисеб харж гьаби ◊ **э́ то бу́дет не ~ее** гьеб гьабуниги бегьила, гьеб бугониги бегьунгутIи букIинаро; **позво́лить себе́ ~ее** а) (*допустить расход не по средствам*) чвантида рекъечIел харжал гьаризе, бугониги-гьечIониги цIикIкIарал харжал гьаризе лъугьине; б) (*выйти из рамок дозволенного*) зани бегизабизе, гIурхъи бахине, кколаребщинаб гьабизе

ЛИШЬ I *частица (только)* гIицIго, цохIо, цохIого цо; **не хвата́ет ~ одного́** гIицIго цо камун буго **2**. *союз (как только)* -го; ~ **то́лько наступи́ ло у́тро** рогьел рещтIарабго; ~ **показа́лась ста́нция, пассажи́ры ста́ли суети́ться** станция бихьарабго, па-ссажирал, рахIат хун, рагъа-рачаризе лъугьана

ЛОБ *м* нодо; **высо́кий ~** борхатаб нодо ◊ **пусти́ть себе́ пу́лю в ~** жиндирго нодо бакъулъ гулла речIчIизе, живго жинцаго чIвазе

ЛОБА́СТЫЙ, -ая, -ое нодо борхатав, нодо кIудияв; борхатаб, кIудияб нодоялъул (*чи*)

ЛОБЗА́ТЬ *несов. кого-что уст. поэт.* убачал гьаризе, чIикIизе

ЛО́БЗИК *м* лобзик (*накъищал хъухъазе жинда тIеренаб хъухъадироги лъолеб квералъ хIалтIизабулеб тIагIел)*

ЛО́БН//ЫЙ, -ая,-ое *анат.* надалзул; **~ая кость** надалзул ракьа ◊ **~ое ме́сто** *ист.* такъсирчагIи чIвалеб бакI

ЛОБОВ//О́Й, -ая,-ое 1) (*направленный в упор*) данде бугеб, гьурмаде бугеб, бадиса бадибе бугеб; **~о́й ве́тер** бадибе гьури; **~а́я ата́ка** *воен.* бадиса бадибе бугеб гьужум, битIахъе тIаде кIанцIи 2) (*передний*) цебесеб, цебехунисеб, цебе бугеб, цебехун бугеб; **~о́й фона́рь** цебе бугеб чирахъ

ЛОБОТРЯ́С *м прост.* кIохIалав чи, хIалтIуларев чи

ЛОВ *м* **1.** (*по гл.* **лови́ть**) (*щибниги*) кквей; **капка́ны для ~а мыше́й** гIункIкIал кколел гудрал **2**. *уст. (добыча, улов*) ккураб жо; **~ рыбы** ккураб ччугIа

ЛОВЕЛА́С *м* камалил башир, руччаби сагьвил гьарулев чи

ЛОВ//Е́Ц *м* 1) (*рыболов спец.*) ччугIа кколев чи 2) (*охотник устар.*) чанахъан ◊ **на ~ца́ и зверь бежи́т** *посл.* чанахъанасда данде гIанкI бекерун бачIунеб

ЛОВИ́ТЬ *несов.* 1) *кого-что* кквезе; **~ ры́бу** ччугIа кквезе 2) *кого-что перен.* балагьизе, кквезе; **~ такси́** такси кквезе; **~ жениха́** бахIарав валагьизе, рос валагьизе 3) *перен. кого на чем (уличить)* тIад кквезе; **~ на сло́ве** бицараб рагIи сабаблъун тIад кквезе ◊ **~ в му́тной воде́ ры́бу** хIабургьараб лъадалъа ччугIа кквезе (чияде бачIаралдаса вохун, гьелдасан жиндиего пайда босизе)

ЛОВКА́Ч *м разг.* тирияв, бажари бугев чи; тулакав, махщел-гьунар бугев чи

ЛО́ВКИЙ, -ая, -ое 1) (*искусный*) тирияв, тулакав, лебалав, бажари бугев; махщел-гьунар бугев; **~ нае́здник** тулакав чо-тIахъан 2) (*хитрый*) сихIирав; **~ плут** сихIирав хIиллачи, сихIираб цер (*чиясде*)

ЛО́ВКОСТЬ *ж прям., перен.* махщел, гьунар; тирилъи, тулаклъи, лебаллъи; макирлъи, сихIирлъи ◊ **~ рук** *разг.* кверазул махщел (кверзул махщел)

ЛО́ВЛЯ *ж* кквей; **~ звере́й** жанаварал кквей; **~ ры́бы** ччугIа кквей

ЛОВУ́ШК//А *ж* 1) къор, къотен, гудур, гьин; **поста́вить ~у** къор гьезе 2) *перен.* хIилла, рекIкI; **попа́сть в ~у** а) къорица кквезе б) *перен.* къориниве ккезе (*хIилла-рекIкIалъул*)

ЛОГАРИ́ФМ *м* логарифм

ЛОГАРИФМИ́ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое логарифмазул, логарифмазулаб; **~ая лине́йка** логарифмабазул линейка

ЛО́ГИКА *ж* 1) (*наука*) логика (*гIелму*); **диалекти́ческая ~** диалектикияб логика 2) (*ход рассуждений*) гIакълу-пикруялъул дурусльи, цо чIараб пикру; **у него́ своя́ ~** досул жиндирго буго цо чIараб пикру 3) (*внутренняя закономерность*) жанисеб закон букIин

ЛОГИ́ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое логикаялъул, логикаялъулаб, логикияб; **~ие катего́рии** логикаялъулал категорияби; **~ий вы́вод** логикияб хIасил ◊ **~ое ударе́ние** *грам.* магIнаялъулаб ударение

ЛОГИ́ЧНЫЙ, -ая, -ое гIакълуялда рекъон кколеб, дурусаб

ЛО́ГОВИЩЕ *с см.* **ло́гово**

ЛО́ГОВО *с прям., перен.* рукIу́н, руссен, бусен; **во́лчье ~** бацIил рукIун; **~ врага́** тушман вугеб бакI

ЛО́ДК//А *ж* раса; **мото́рная ~а** моторалъ бачунеб раса; **ката́ться на ~е** росода рекIун тира-сверизе ине

ЛО́ДОЧК//А *ж* 1) *уменьш. от* **ло́дка** 2) *мн.* **~и** (*туфли*) лодочкаби (*туфлаби*)

ЛО́ДОЧНИК *м* расачи, раса бачунев чи; расаялъул бетIергьан

ЛО́ДОЧН//ЫЙ, -ая, -ое расаялъул, русбузул; **~ая ста́нция** русбузул станция

ЛОДЫ́ЖКА *ж анат.* хIатIихинкI

ЛО́ДЫРНИЧАТЬ *несов. разг.* кIвахIаллъун хIалтIичIого чIезе, кIвахIаллъизе

ЛО́ДЫР//Ь *м* кIвахIалав чи, хIалтIи бокьуларев чи, кIвахIал, хIалтIирих ◊ **гоня́ть ~я** гIомоборлъи гьабизе, гIомо борлъулев вукIине

ЛО́ЖА[1] *ж театр.* ложа (*цо чанго чиясе батIа гьабураб бакI)*; **дипломати́ческая ~** дипломатазул бакI (*парламенталда*)

ЛО́ЖА[2] *ж (огнестрельного оружия*) хъундагъалъул хIараялда гьоркье кколеб бутIа (хъундагъалъул цебесеб бутIа)

ЛОЖБИ́НА *ж* хъитI, гомоглъи

ЛО́ЖЕ *с* 1) *уст. (постель)* бусен 2) (*русло реки*) гIурумухъ, лъарамухъ

ЛОЖИ́ТЬСЯ *несов. см.* **лечь**

ЛО́ЖК//А *ж* гьуд, балухъ, бугьун; **ча́йная ~а** чайдул гьуд; **столо́вая ~а** чурпадул гьуд ◊ **че́рез час по ча́йной ~е** цIакъ хIинцго, дагьго, бокьуларого; **~ дёгтя в бо́чке мёда** гьитIинаб гъалатальги кIудияб иш хвезабизе бегьулеб

ЛО́ЖНО *нареч. (ошибочно*) мекъи, мекъса, гьересияб, хилипаб къагIидаялъ; **~ истолкова́ть** *чьи-л.* **слова́** *лъилниги* рагIаби мекъи сверизаризе

ЛО́ЖН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*неправильный*) гьересияб, мекъаб, хилипаб; **~ое сообще́ние** гьересияб ругьел (лъазаби); **быть на ~ом пути́** мекъи вукIине, мекъаб пикру букIине, мекъаб нух кквезе 2) (*ошибочный*) гъалатIаб, мекъаб; **прийти́ к ~ому вы́воду** мекъаб хIасил гьабизе, гъалатIаб пикру букIине 3) (*мнимый*) ххвалие гьабураб, гуккизелъун гьабураб; **~ая ата́ка** *воен. (тушман)* гуккизелъун гьабураб гьужум

ЛОЖЬ *ж* гьереси; **уличи́ть во лжи** гьереси тIад кквезе, гьереси тIатинабизе (*лъилниги*)

ЛОЗА́ *ж* гъабу; **виногра́дная ~** цIолбол гъабу

ЛОЗНЯ́К *м гIурул рагIалда бижулеб гIисинаб* рицIил хъарахъ

ЛО́ЗУНГ *м в разн. знач.* лозунг; **выдвига́ть ~** лозунг цебе лъезе; **пове́сить ~и** лозунгал разе (*къадада ва гь.ц.*)

ЛОКАЛИЗА́ЦИЯ *ж* **1.** (*по гл.* **локализова́ть**) тIибитIизе биччачIого, цо бакIалда чIезаби **2**. (*по гл.* **локализова́ться**) цо бакIалда чIей, тIибитIунгутIи

ЛОКАЛИЗОВА́ТЬ *сов. и несов.* тIибитIизе биччачIого, цо бакIалда чIезабизе; **~ эпиде́мию** бахунеб унти, тIибитIизе биччачIого, цо бакIалда чIезабизе

ЛОКАЛИЗОВА́ТЬСЯ *сов. и несов.* цо бакIалда чIезе, тIибитIунгутIизе

ЛОКА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое цо бакIалъул, цо бакIалда бугеб (ккараб); **~ая война́** цо бакIалда бугеб (бакIалъулаб) рагъ

ЛОКА́ТОР *м* локатор

ЛОКА́УТ *м* локаут (*гIемерал хIалтIухъаби нахъе инариялъул мурадалда заводал, фабрикал къай*)

ЛОКОМОТИ́В *м* локомотив (*паровоз, тепловоз, электровоз ва гь.ц.*)

ЛО́КОН *м* кIургIараб расул микIис

ЛО́К//ОТЬ *м* 1) гIункIрукъ; **не кладя́ ~ти на стол** столалда тIад гIункIрукъал лъоге 2) (*одежды*) ратIлил къвалалъул гIункIрукъазда цулеб бакI; **руба́ха с рва́ными ~ тя́ми** гIункIрукъазда тIаса къвалал рагьараб гурде 3) *уст.* (*мера длины*) натI (*0,5 м*)

ЛОКТЕВ//О́Й, -ая, -ое *анат.* гIункIрукьалъул; **~а́я кость** гIункIрукьалъул ракьа

ЛОМ[1] *м (инструмент*) хIос; **лома́ть лёд ~ом** хIосица цIер гъуризе (бекизе)

ЛОМ[2] *м собир.*: **желе́зный ~** гъура-чункараб махх; **кирпи́чный ~** бекараб, гьурараб кирпич

ЛОМА́КА *м, ж разг.* гогьма, кIичIардухъан, кIечIеро

ЛО́МАН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*сломанный*) гьурараб, гьур-гьурараб, гьура-чункараб; **~ые ве́щи** гьура-чункараб къайи 2) *перен. (о языке*) бичIчIуларев, бабадун бицунеб, лъикIго лъаларев; **говори́ть на ~ом францу́зском языке́** лъикIго лъаларев француз мацIалда кIалъазе ◊ **~ая ли́ния** тIу-тIураб хIучч (мухъ)

ЛОМА́НЬЕ *с разг.* **1.** (*по гл.* **лома́ть**) бекизаби, бек-бекизаби, гьуризаби, гьура-чункизаби **2**. (*по гл.* **лома́ться**) беки, бек-беки, гьури, гьура-чунки

ЛОМА́ТЬ *несов.* 1) *что* бекизе, бекизабизе, бек-бекизе; гьуризе, гьуризабизе, гьура-чункизе, гьура-чункизабизе; **~ су́чья** гIаркьалаби рекизе 2) *что (разрушать)* биххизабизе, бичизе, щущазабизе

ЛОМА́//ТЬСЯ *несов.* 1) бекун ине, бек-бекун ине, гьурун ине, гьура-чункун ине; **лёд ~ется** цIер бекун унеб буго 2) (*упрямиться*) мекълъизе; чанкIкIизе, чанкIкIун чIезе 3) *перен. (о голосе)* гьваризе; **у ма́льчика ~ется го́лос** васасул гьаракь гьварулеб буго 4) (*кривляться*) кIичIардизе, кIичIадахъдизе, гогьдаризе; ххвелал гьаризе

ЛОМБА́РД *м* ломбард (*щибниги гъоркь лъун, къарзалъе гIарац кьолеб бакI)*

ЛОМИ́ТЬ *несов.* 1) *что (ломать)* бекизе, гъуризе; **спе́лые я́блоки ло́мят су́чья** барщараб гIечуца гIаркьалаби гъурулел руго 2) *что безл. (болеть)* цIунизе; **ло́мит поясни́цу** цIалкIугьод цIунулеб буго 3) *прост. (стремительно идти*) хIалица жанибе нух бахъизе, жаниве кIанцIун ине; **~ напроло́м** сундухъго балагьичIого, цеве ине

ЛО́МИТЬСЯ *несов.* 1) (*под тяжестью*) бекун ине, бекизе (*кутакаб тIадецуялъ*) 2) хIалица жаниве лъугьине

ЛО́МКА *ж* (*по гл.* **лома́ть**) беки, гъури, гъура-чунки, биххи, бихха-бичи; **~ хара́ктера** (*инсанасул*) гIамал-хасият хиси

ЛО́МКИЙ, -ая, -ое бигьаго бекулеб, гъурулеб, чIимигIаб; **~ лёд** бигьаго бекулеб цIер

ЛОМОВ//О́Й, -а́я, -о́е **1.** бакIаб юк баччулеб (баччизе хIал тIизабулеб); **~а́я ло́шадь** бакIаб юк баччулеб чу **2.** *в знач. сущ.* **~ой** *м* бакIаб юк баччулеб чу

ЛОМО́ТА *ж* ракьа, щукIдул цIуни (*унти*); бекун унеб гIадин цIуни

ЛОМО́ТЬ *м* мочIу, кесек **~ хле́ба** чадил мочIу ◊ **отре́занный ~** живго жиндаго чIарав, хъизаналдаса тIурав

ЛО́МТИК *м уменьш. от* **ломо́ть**

ЛО́Н//О *с уст.*: **на ~е приро́ды** рагьараб гьаваялда, тIабигIаталда

ЛО́ПАСТЬ *ж* 1) (*широкий плоский конец чего-л.*) *сундулниги* гIебаб чIинтIараб рахъ (*бугьнал ва гь.ц.*) 2) (*весла и т.п.*) кархи, милъир; **~ винта́** техтероялъул милъир

ЛОПА́Т//А *ж* бугьун, бел ◊ **борода́ ~ой** гIебаб мегеж

ЛОПА́ТК//А *ж* 1) *уменьш. от* **лопа́та** 2) *анат.* бугьналага ◊ **положи́ ть на (о́бе) ~и** мугъ гIодоб цвизабизе; **удира́ть во все ~и** бугеб-гьечIеб рухIалъ лъутизе (тIуризе), кIитIелеб хIалалъ тIуризе

ЛО́ПАТЬ *несов. что прост.* кваназе

ЛО́ПАТЬСЯ *несов. см.* **ло́пнуть**

ЛО́ПНУ//ТЬ *сов.* 1) кьватIизе (*треснуть*); тIезе (*разорваться*); **стака́н ~л** стакан кьватIана; **струна́ ~ла** чIва тIуна 2) *перен. разг. (перестать существовать*) хвезе, лъугIизе, тIагIине, гIадада ккезе; **де́ло ~ло** иш гIадада ккана

ЛОПОТА́ТЬ *несов. разг.* бичIчIуларедухъ гаргадизе, хехго кIалъазе, хъуризе; **что ты там лопо́чешь?** дуца хъурулеб щиб? (*дуца бицунеб жо бичIчIулеб гьечIин абураб магIнаялда*)

ЛОПОУ´ ХИЙ, -ая, -ое 1) гIундул чIахIияб, гIундул халатаб; **~ щено́к** гIундул халатаб таращ 2) *прост. (простоватый – о человеке*) дагьав тIадагьав, гьагав, тохав

ЛОПУ´ Х *м* 1) *бот.* тIетIели 2) *перен. разг. (простофиля*) гIабдал, гIантав чи

ЛОРД *м* лорд (*Англиялда дворянасе кьолеб бищун тIадегIанаб цIар*)

ЛОСИ´ НА *ж (кожа)* лосалъул (ритIучIил) дабагъ лъугьараб тIом, хьвацIа 2) (*мясо*) лосалъул (ритIучIил) гьан

ЛОСИ́Н//ЫЙ, -ая, -ое лосалъул (ритIучIил); **~ые рога́** лосалъул (ритIучIил) лълъурдул; **из ~ой ко́жи** лосалъул (ритIучIил) хьвацIил (тIомол) гьабураб

ЛОСК *м* 1) (*глянец*) цIир-цIири, цIвак-цIваки, кунчI-кунчIи; **навести´** *~ на что-л. щибниги* цIвак-цIвакизабизе 2) *перен. сундулниги* тIасияб хъал; кьватIисеб тIеренаб хъал

ЛО́СКУТ *собир. м* кесек, хутIел (*ххамил, хьвацIа-лакаялъул ва гь.ц.*)

ЛОСКУ´ ТН//ЫЙ, -ая, -ое кесказул гьабураб, кесказул букъараб; **~ое одея´ ло** кесказул (гьабураб) букъараб юргъан

ЛОСНИ́ТЬСЯ *несов.* цIир-цIиризе, цIвак-цIвакизе, кунчI-кунчIизе

ЛОСОСЁВЫЕ *мн. зоол.* лососалъулал

ЛОСОСИ´ НА *ж* лососалъул гьан

ЛО́СОСЬ *м зоол.* лосось ччугIа

ЛОСЬ *м зоол.* лось (ритIучI)

ЛОСЬО́Н *м* лосьон *(мегеж кIкIван хадуб бахунеб лъамалъи)*

ЛОСЯ´ ТИНА *ж* лосалъул (ритIучIил) гьан

ЛОТ *м мор.* лот (*ралъдал гъварилъи борцунеб алат*)

ЛОТО́ *с нескл. (игра)* лото (*хIай*)

ЛОТЕРЕ́Я *ж* лотерея; **де́нежно-вещева́я ~** гIарцулгун къайиялъулаб лотерея

ЛОТЕРЕ́ЙНЫЙ, -ая, -ое лотереялъул, лотереялъулаб, лотереязул; **~ биле́т** лотереялъул билет

ЛОТО́К *м* 1) кьватIазда ричарулезул къайи лъолеб цIулал ящикI (рагьараб прилавок) 2) рагьараб (*тIад бачIеб*) лъел рахъ; **ме́льничный ~** гьабирахъ 3) *тротуаралда аскIосан* лъим унеб рахъ

ЛО́ТОС *м бот.* лотос (*тIегь*)

ЛОТО́ЧНИК *м (продавец*) лотокалъул вичарухъан

ЛОТО́ЧНИЦА *ж* лотокалъул йичарухъан

ЛОХА́НКА *ж см.* лоха́нь ◊ **по́чечная ~** *анат.* ургьисалаги кIварщумухъги цолъизабулеб кьвачIа (ургьисалаялъул кьвачIа)

ЛОХА́НЬ *ж* хIерчч, раса (*цIулал*)

ЛОХМА́ТИТЬ *несов. кого-что разг.* гъал-гъализабизе; **~ во́лосы** рас гъал-гъализабизе

ЛОХМА́ТИТЬСЯ *несов.* гъал-гъализе

ЛОХМА́Т//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*покрытый шерстью*) керчаб, рас чанлъаб, квасул цIураб; **~ый пес** керчаб гьой 2) (*непричесанный*) гъал-гъалараб, рас ххачIеб; **~ая голова́** рас ххачIеб бетIер, гъал-гъалараб бетIер

ЛОХМО́ТЬЯ *мн.* магъакь-кIачар, бихъ-бихъараб ретIел, хохораб партал

ЛО́ХМЫ *мн.* гъал-гъалараб рас

ЛО́ЦМАН *м мор.* лоцман (*ралъдал, гIурул гъваридаб бакI лъалев ва гьенисан гама бачине кумек гьабулев чи; гамие нух бихьизабулев чи*)

ЛО́ЦМАНСК//ИЙ, -ая, -ое *мор.* лоцманасул, лоцманасулаб, лоцманас бачунеб; **~ое су́дно** лоцманас бачунеб гама

ЛОШАДЁНКА *ж уменьш.-уничиж.* ябучу

ЛОШАДИ́Н//ЫЙ, -ая,-ое чол, чуязул; **~ые копы́та** чол щанкIлал ◊ **~ая си́ ла** *физ.* моторалъул къуват борцунеб единица (роцен); **~ая до́за** цIакъ кIудияб къадар доза)

ЛОША́ДКА *ж* 1) *уменьш. от* **ло́шадь** 2) (*игрушка*) чу (*расанкIо*)

ЛО́ШАДЬ *ж* чу; **верхова́я ~** рекIадул чу; **бегова́я ~** бекерулеб чу, бекеризе тIамулеб чу; **упряжна́я ~** гьакида, кутнада балеб чу

ЛОША́К *м* гIорцIен (*цIохIамиде барти кIанцIун лъугьараб*)

ЛОЩЁН//ЫЙ, -ая, -ое цIвакараб, кунчIи бугеб;; **~ая бума́га** цIвакараб кагъат 2) *перен.* цIвака-гIанкун, къачIа-кIатIан вукIунев (*чи*)

ЛОЩИ´ НА *ж* расалъи, гомоглъи

ЛОЩИ́ТЬ *несов. что* цIир-цIиризабизе, цIвак-цIвакизабизе, лъулъан цIвакизабизе; **~ пол во́ском** хIе лъулъан чIабар цIвак-цIвакизабизе

ЛОЯ́ЛЬНОСТЬ *ж* 1) хIукуматалдехун божилъи цIуни, цIунун вукIин

ЛОЯ´ ЛЬНЫЙ, -ая, -ое 1) хIукуматалдехун божилъи цIунарав *2) лъидехуннигu-сундехуннигu* ракI бацIцIадго вукIунев

ЛУБ *м бот.* 1) (*ткань растений*) гъутIбузул, хурдузул рихьал халатаб макъар, хъал; гъотIол рохтиялдаса цIибахъараб макъар 2) (*дургъараб кун гьабизе хIалтIизабулеб*) лъолъол, хьодол, мичIчIил тIеренаб хъал (рихьал)

ЛУБО́К *м* 1) цIибахъараб гъотIол макъаралъул кесек 2) *мед.* бекараб ракьа рекIине ва щулалъизе тIад къалеб гъотIол макъар (*шина*) 3) гъотIол макъаралъул гьабураб кIуни

ЛУ´ БОЧНЫЙ, -ая, -ое *см.* **лубяно́й**

ЛУБЯН//О́Й, -ая, -ое макъаралъул гьабураб; **~ые изде́лия** макъаралъул гьарурал жал

ЛУГ *м* мечI, харибакI, сага; **зелёный ~** гIурччинаб харибакI

ЛУГОВО́ДСТВО *с* мучIдул, харибакIал, сагаби гьари, къачIай

ЛУГОВ//О́Й, -ая, -ое мучIдузул, харибакIалъул, сагадул; харибакIазда, мучIдузда, сагабазда бижулеб; **~ы´е цветы´** харибакIазда рижулел тIугьдул

ЛУДИ´ ЛЬЩИК *м* гъалайчи

ЛУДИ´ ТЬ *несов. что* гъалай биччазе, гъалай бахине; **~ посу́ду** цIарагIалде гъалай биччазе

ЛУ´ Ж//А *ж* 1) (*небольшое углубление с дождевой водой*) цIадал хIор 2) (*пролитая на поверхность жидкость*) *кибениги лъим чвахун, лъугьараб* гьитIинаб хIор, хIорчIел ◊ **сесть в ~у** нечараб хIалалде ккезе

ЛУЖА́ЙКА *ж* гьитIинаб мечI, рохьил рацIцIалъуда гьитIинаб сага

ЛУЖЕ́НИЕ *с* гъалай биччай, гъалай бахин

ЛУЖЁН//ЫЙ, -ая, -ое гъалай биччараб, гъалай бахараб; **~ая кастрю́ ля** гъалай биччараб хьаг ◊ **~ая гло́тка** *(гIемераб жо гьекъезе, свакачIого гIемер ахIдезе, кечI ахIизе кIолев чиясул хIакъалъулъ* маххул щекъер-мукъулукъ

ЛУЖО́К *м* гьитIинаб мечI, харибакI, сага

ЛУЖУ́ , лу́дишь *и т.д. наст. от* **луди́ ть**

ЛУ́ ЗА *ж* луза *(бильярдалъул столалъул ункъабго бокIнилъ букIунеб каратI)*

ЛУК[1] *м бот.* пер

ЛУК[2] *м (оружие)* чIорбутI, газаргъо

ЛУКА́ *ж* 1) (*реки, дороги*) свери, кIичIи, гьетIи 2) (*седла*) къвацI

ЛУКА́ВИТЬ *несов.* сихIирлъизе, макирлъизе, оборлъизе

ЛУКА́ВСТВО *с* 1) (*хитрость*) сихIирлъи, макрулъи, оборлъи, хIилла, ххвел, ламартлъи 2) (*игривость*) гогьдари, чалухлъи

ЛУКА́В//ЫЙ, -ая, -ое 1) сихIирав, макруяв, оборав; хIиллаяв; **~ый челове́к** макруяв чи 2) (*игривый*) гогьаб, гочIаб, чалухаб; **~ый взгля́д** чалухаб балагьи

ЛУ́ КОВИЦА *ж* 1) *бот.* ражидул, порол бетIер; *цо-цо хурдузул* ракьулъ букIунеб бицатаб гургинаб хIуби 2) *анат.* гIадамасул цо-цо лугбузул понцIораб, гIатIилъараб бутIа

ЛУ́ КОВИЧН//ЫЙ, -ая, -ое порол тайпаялъул; порол формаялъул

ЛУ́ КОВЫЙ, -ая, -ое порол, порол гьабураб; **~ за́пах** порол махI

ЛУКОМО́РЬЕ *с поэт. уст.* ралъдал залив, бухта

ЛУКО́ШКО *с* чIеп, корзинка

ЛУН//А́ *ж* 1) моцI; **взошла́ ~а́** моцI баккана; **фа́зы ~ы́** моцIрол хисаби, фаслаби; **серп ~ы́** цIияб моцI, цIибихьараб моцIрол хIучч; **по́лная ~а́** рещалъараб моцI 2) *астр. (спутник любой планеты)* моцI (*цогидал планетабазда тIад сверулеб*); **де́вять лун Сату́рна** Сатурналъул ичIго моцI

ЛУНАТИ́ЗМ *м мед.* лунатизм (*макьилъ вахъун, хьвадизе тIамулеб унти*)

ЛУНА́ТИК *м* кьижадго (кьижун) хьвадулев чи

ЛУ́ НКА *ж* 1) (*ямка*) гвенд (*кIудияб гьечIеб гъварилъи*) 2) *мед.* унтараб гIосода, цаялда лъугьараб каратI 3) *цо-цо хIаязе жанибе торгIо, шар ккезабулеб* гьитIинаб гвенд

ЛУНКОКОПА́ТЕЛЬ *м с.-х.* гвендал, картIал рахъулеб алат (машина)

ЛУ́ НН//ЫЙ, -ая, -ое 1) моцIрол, моцI бугеб; **~ый свет** моцIрол канлъи; **~ая ночь** моцI бугеб сордо 2) моцI; **~ое затме́ние** моцI кквей ◊ **~ый ка́мень** гIурччинкьераб гъорлъан канлъи бихьулеб гамачI

ЛУНОХО́Д *м* луноход (*моцIрода тIад жибго хьвадулеб аппарат*)

ЛУ́ ПА *ж* лупа (*кIодого бихьизабулеб цIер*)

ЛУПИ́ТЬ *несов. разг. (очищать от коры, шелухи*) бацIцIад гьабизе, чIучIине 2) *кого (бить)* кьабизе, бухизе, бакине

ЛУПИ́ТЬСЯ *несов.* 1) (*шелушиться*) чIучIун бачIине; **ко́жа лу́пится** тIом чIучIун бачIунеб буго 2) (*отваливаться*) бичIун бачIине; **штукату́рка лу́пится** чIвараб хIарщ бичIун бачIунеб буго

ЛУЧ *м* 1) чIор; **~и́ со́лнца** бакъул чIорал; **испуска́ть ~и́** чIорал речIчIизаризе, чIорал речIчIизе 2) **~и** *мн. физ.* чIорал; **рентге́новские ~и́** рентгеналъул чIорал; **косми́ ческие ~и́** космосалъул чIорал; **~ наде́жды** хьуллъей (хьулалъул чIорал)

ЛУЧЕВ//О́Й, -а́я, -о́е 1) *физ.* чIоралъул(аб); **~а́я эне́ргия** чIоразул энергия; **~а́я ско́рость** чIоралъул хехлъи 2) цо тIанкIалдасан риххун унел чIоразул форма яги сурат бугеб ◊ **~а́я кость** гъажалзул цо ракьа ◊ **~а́я боле́знь** радиактивиял веществабазул чIоразул асаралъ лъугьинабулеб унти

ЛУЧЕЗА́РН//ЫЙ, -ая, -ое *поэт.* 1) кунчI-кунчIараб, нурагъунеб, нур бугеб, гвангъараб, канлъи речIчIулеб; **~ое со́лнце** гвангъараб бакъ, нурагъунеб бакъ 2) *перен.* ракI бохизабулеб, рохалилаб, рекIелъе рохел рещтIинабулеб; **~ые мечты́** рекIелъе рохел рещтIинарулел анищал

ЛУЧЕИСПУСКА́НИЕ *с физ.* телоялъ сверухълъиялде электромагниталъулаб энергия биччай

ЛУЧЕИСПУСКА́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое сверухълъиялде электромагниталъулаб энергия биччалеб

ЛУЧЕПРЕЛОМЛЕ́НИЕ *с сунда бугониги гьоркьосан унаго,* канлъул чIоралъ унеб рахъ хиси

ЛУЧИ́ Н//А ж кан; **щепа́ть ~у** кан буцIизе, кана́л гIучIал гьаризе

ЛУЧИ́ СТ//ЫЙ, -ая, -ое 1) гвангъараб, кунчI-кунчIараб, нур балеб, чIорал речIчIизарулеб 2) (*расходящийся лучами*) чIорагъунеб 3) *перен.*: **~ый взгля́д** нур балеб балагьи

ЛУЧКО́В//ЫЙ, -ая, -ое: **~ая пила́** *тех.* газаргъо гIадаб хъухъадиро, чIорбутI гIадаб хъухъадиро

ЛУ́ ЧШЕ 1. *сравн. ст. к* **хоро́ший** *и* **хорошо́; чем да́льше, тем ~** заман арабгIан лъикIлъулеб буго; **гора́здо ~** гIемерго лъикI **2**. *в знач. сказ. безл. кому* лъикI буго, мадар буго; **ребёнку сего́дня ~** жакъа лъимадул мадар буго **3**. *в знач. нареч.* лъикI; **~ не спра́шивай** гьикъичIого лъикI **4**. *в знач. вводн. слова* лъикI гуродай; **говори́ , и́ ли, ~, я расскажу́** бице дурго, яги, лъикI гуродай, дица бицина ◊ **~ всего́** бищунго лъикI, сундасаго лъикI

ЛУ́ ЧШ//ИЙ, -ая, -ое **1.** *сравн. ст. к* **хоро́ший; ~ий из двух** кIигоялда гьоркьоса лъикIабаб **2**. *превосх. ст. к* **хоро́ший** бищунго лъикIаб, цIакъаб, цIакъаб-тIокIаб; **~ие лю́ди респу́блики** республикаялъул бищунго лъикIал гIадамал; **мой ~ий друг** дир бищунго лъикIав гьудул **3**. *в знач. сущ.* **~ее** лъикIаб, лъикIабцинаб; **наде́яться на ~ее** лъикIабциналде хьул лъезе ◊ **уйти́ в ~ий мир** хвезе

ЛУЩЁН//ЫЙ, -ая, -ое чIучIараб, чехъараб, бацIцIад гьабураб, бекараб; **~ые оре́хи** бекараб цIулакьо

ЛУЩИ́ТЬ *несов. что* 1) (*очищать от скорлупы*) ччулизе, чIучIине, чехъезе, бацIцIад гьабизе, бекизе; **~ кукуру́зу** цIоросаролъ чIучIине 2) *с.-х.* бегизе, гьогь гьабизе (*хур*) (*регьел цIунизе)*

ЛЫ́ Ж//И *мн.* (*ед.* **~а** *ж*) лыжаби

ЛЫ́ ЖНИК *м* лыжабазда хъещтIолев чи

ЛЫ́ ЖНИЦА *ж* лыжабазда хъещтIолей гIадан

ЛЫ́ЖН//ЫЙ, -ая,-ое лыжабазул; **~ый спорт** лыжабазул спорт; **~ые соревнова́ния** лыжабазда хъещтIолезул къецал

ЛЫЖНЯ́ *ж* лыжабазул нух, хъещтIолез тараб лъалкI

ЛЫ́ К//О *с* гьотIол макъаралда гьоркь букIунеб хъал; *гьеб* хъалалъул хокIи ◊ **он не ~ом шит** досдаги гьеб лъикI лъалеб; досдаги цIакъ бичIчIулеб гьеб; **~а не вя́жет** мехтиялъ мацI бабадулеб буго; кIалъазе кIвеялдаса ун мехтун вуго

ЛЫСЕ́ТЬ *несов.* ботIрол рас хIулизе, бетIер хIулизе

ЛЫ́ СИНА *ж* 1) (*у человека*) ботIрол рас хIулараб бакI 2) (*пятно на лбу животного*) (*хIайваналъул, хIама-хьваниялъул надалда*) хъахIаб тIанкI

ЛЫ́ С//ЫЙ, -ая, -ое рас хIулараб 2) *перен.* гIицIаб, гъветI-хер гьечIеб; **~ые го́ры** гъветI-хер гьечIел мугIрул

ЛЬВА, льву *и т.д. род., дат. п. и т.д. от* **лев**

ЛЬВЁНОК *м* гъалбацIил тIинчI

ЛЬВИ́Н//ЫЙ, -ая, -ое гъалбацIалъул; гIалбацIалъул гIадаб; **~ая ла́па** гъалбацIалъул квачI ◊ **~ая гри́ ва** ризаб, керчаб, бахараб рас; **~ая доля** бищун кIудияб, (*данде ккун*) лъикIабаб бутIа

ЛЬВИ́ ЦА *ж* цIуяб гъалбацI, эбелаб гъалбацI

ЛЬГО́Т//А *ж* льгота, бигьалъи; **предоставля́ ть** *кому-л.* **~ы** *лъие бугониги* бигьалъи гьабизе (*цогидазе гьечIеб кумек ва гь.ц. гьабизе*)

ЛЬГО́ТН//ЫЙ, -ая, -ое льготаялъул, бигьалъи гьабураб, бигьаялъиялъул; льгота бугеб, бигьалъи бугеб; **~ые усло́вия** льготаби ругел шартIал

ЛЬДА, льду *и т.д. род., дат. п. и т.д. от* **лёд**

ЛЬДИ́ НА *ж* цIорол кIудияб кесек

ЛЬЁТСЯ *наст. от* **ли́ ться**

ЛЬНА, льну *и т.д. род., дат. п. и т.д. от* **лён**

ЛЬНОВО́Д *м* лъелъ гIезабулев чи

ЛЬНОВО́ДСТВО *с* лъелъ гIезаби

ЛЬНОВО́ДЧЕСКИЙ, -ая, -ое лъелъ гIезабиялъул; **~ совхо́з** лъелъ гIезабулеб совхоз

ЛЬНОВОЛОКНО́ *с* лъолъол хукIи, лъолъол хайи

ЛЬНООБРАБА́ТЫВАЮЩИЙ, -ая, -ее лъелъ къачIалеб, лъолъол хокIи къачIалеб

ЛЬНОПРЯДИ́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое хIебтил кун дургъулеб; **~ая фа́брика** хIебтил кун дургъулеб фабрика

ЛЬНОТРЕПА́ЛКА *ж* лъолъол хокIи (хайи) самулеб алат

ЛЬНОУБО́РОЧН//ЫЙ, -ая, -ое лъелъ (бакIарулеб) лъилъулеб; **~ая маши́ на** лъелъ лъилъулеб машина

ЛЬНОЧЕСА́ЛЬН//ЫЙ: ~ая маши́ на лъелъ халеб машина

ЛЬНУТЬ *несов.* 1) *к кому-чему (ласти́ться)* къвал базе, каранде къазе, рекIун чIезе; **~ к ма́тери** къвал бан, эбелалда рекIун чIезе 2) *перен. к кому разг. сунданиги* аскIор, цоцада цун, цоцалъ къан рукIине

ЛЬНЯН//О́Й, -ая, -ое *в разн. знач.* лъолъол; лъолъол кьераб; **~о́е по́ле** лъолъол хур; **~а́я мате́рия** хIебет; **~ые во́лосы** лъолъол кьераб рас; **~ое ма́сло** лъолъол нах

ЛЬСТЕЦ *м* бадибе рецц гьабулев чи, хIелхIедун *лъиениги* рецц-бакъ гьабулев чи

ЛЬСТИ́ В//ЫЙ, -ая, -ое бадибе рецц гьабулев; рецц-бакъалъулаб, хIелхIедиялъулаб; **~ые слова́** рецц-бакъалъул рагIаби

ЛЬСТИТЬ *несов.* 1) *кому (лицемерно хвалить*) бадибе рецц гьабизе, хIелхIедун рецц-бакъ гьабизе 2) *кому-чему (доставлять удовлетворение*) разилъи загьир гьабизе ◊ **~ себя́ наде́ждой** анищазги хьулазги живго веэдизе, жиндиего ракI-макI гьабизе, анищазул хурзал рекьизе

ЛЬСТИ́ТЬСЯ *несов. на что сунденигu* къасд лъезе, хьул-хьудизе; **~ на де́ньги** гIарцуде хьул лъезе

ЛЬЩУ, льстишь *и т.д. наст. от* **льстить**

ЛЬЩУСЬ, льстишься *и т.д. наст. от* **льсти́ ться**

ЛЬЮ, льешь *и т.д. наст. от* **лить**

ЛЮБ *в знач. сказ. разг.*: **он мне ~** дие гъов вокьула

ЛЮБЕ́ЗНИЧАТЬ *несов. разг.* хIеренго, недегьго кIалъазе

ЛЮБЕ́ЗНО *нареч.* хIеренго, недегьго, разиго; **~ отве́тить** хIеренго, разиго жаваб кьезе

ЛЮБЕ́ЗНОСТ//Ь *ж* 1) (*учтивость*) хIеренаб гIамал-хасият, адаб буголъи, гьумер битIи, хIурмат гьаби; **он отлича́ется большо́й ~ью** цIакъ адаб бугев чи вуго дов; **оказа́ть ~ь** хIурмат гьабизе 2) (*любезное слово, комплимент*) недегьаб рагIи, хIеренаб рагIи, ракI бохизабулеб рагIи; **говори́ть ~и** хIеренаб, недегьаб рагIи абизе, ракI бохизабулеб калам гьабизе

ЛЮБЕ́ЗН//ЫЙ, -ая, -ое **1.** (*учтивый*) ракI бохизабулеб, адабаб, гьумер битIараб, хIеренаб, недегьаб; **~ый челове́к** хIеренав чи; **~ый отве́т** ракI бохизабулеб жаваб; **бу́дьте ~ы** талихI кьегийин **2.** *уст. (дорогой*) гIагараб, хирияб, бокьулеб **3**. *в знач. сущ.* **~ый** *м,* **~ая** *ж (в обращении*) хирияв, хирияй

ЛЮБИ́ МЕЦ *м* хирияв чи, вокьулев чи; **~ пу́блики** халкъалъе хирияв чи

ЛЮБИ́ МИЦА *ж* хирияй гIадан, йокьулей гIадан

ЛЮБИ́ МЧИК *м разг. неодобр.* вокьулев чи (*цогидаздаса тIаса вищун, мустахIикъав гьечIониги, вокьулев чи – хIакимзабазе ва гь.ц.*)

ЛЮБИ́М//ЫЙ, -ая, -ое **1.** бокьулеб, хирияб; **~ая пе́сня** бокьулеб кечI **2.** *в знач. сущ.* **~ый** *м,* **~ая** *ж* хирияв, хирияй

ЛЮБИ́ ТЕЛЬ *м* 1) *чего и с неопр. (пристастие к чему-л.*) *цо щибниги* бокьулев чи, *сунденигu* гъира-шавкъ цIикIкIарав чи, гIашикъ; **~ му́зыки** музыкаялъул гIашикъ; **~ сла́дкого** гьуинлъи бокьулев чи; **~ поговори́ ть** гара–чIваризе гъира-шавкъ бугев чи 2) (*непрофессионал*) живго ругьунлъарав, цIалун вахъинчIев; **фото́граф – ~** живго ругьунлъарав фотограф

ЛЮБИ́ ТЬ *несов.* 1) *кого-что* бокьизе, хиралъизе; **~ дете́й** лъимал хиралъизе; **~ ро́дину** ватIан бокьизе 2) *что и с неопр.* бокьизе, гъира букIине; **он лю́бит поговори́ть** гаргадизе гъира букIуна досул, досие кIалъазе цIакъ бокьула 3) *что (нуждаться в чём-л.*) кьваригIине, хIажалъизе, бокьизе; **цветы́ лю́бят во́ду** тIугьдузе лъим бокьула ◊ **лю́бишь ката́ться, люби́ и са́ночки вози́ть** *посл.* хъещтIезе бокьулесе чанагъал раччизеги бокьизе ккола

ЛЮБОВА́ТЬСЯ *несов. кем-чем* балагьун кеп босизе, берзул (бераца) лазат босизе; **~ приро́дой** тIабигIаталъухъ балагьун кеп босизе

ЛЮБО́ВНИК *м* вокьулев

ЛЮБО́ВНИЦА *ж* йокьулей

ЛЮБО́ВН//ЫЙ, -ая, -ое 1) рокьул, гIищкъул; **~ое письмо́** рокьул рисалат 2) (*внимательный*) ракI-ракIалъулаб, рокьи-гIищкъу загьир гьабулеб

ЛЮБО́ВЬ *ж в разн. знач.* рокьи, гIищкъу; гIащикълъи, хиралъи; **~ к ро́дине** ватIаналде рокьи; **матери́ нская ~** эбелалъулаб рокьи; **~ к рабо́те** хIалтIуде рокьи; **призна́ние в любви́** вокьулилан аби, рокьи загьир гьаби

ЛЮБОЗНА́ТЕЛЬНОСТЬ *ж* кинабго лъазе, бичIчIизе гъира-шавкъ

ЛЮБОЗНА́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое кинабго лъазе, бичIчIизе гъира-шавкъ бугеб; **~ ребёнок** кинабго лъазе гъира-шавкъ бугеб лъимер

ЛЮБ//О́Й, -а́я, -о́е **1.** бокьараб; **в ~о́е вре́мя** бокьараб мехалъ, бокьараб заманалда **2**. *в знач. сущ.* **~ой** *м* бокьараб, цояб; **~о́й из вас пойдёт** нужер бокьарав (цояв) ина

ЛЮБОПЫ́ТНО 1. *нареч. (интересно)* кинабго жо лъазе бокьун, кинабго жоялъул интерес букIун

ЛЮБОПЫ́ТН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*любознательный*) кинабго лъазе бокьулеб, кинабго лъазе гъира-шавкъ бугеб 2) (*проявляющий любопытство*) кинабго лъазе бокьи загьир гьабулев

ЛЮБОПЫ́ТСТВО *с щиб букIаниги* цIияб, лъугьараб, ккараб, рагIараб рагIа-ракьанде щун лъазе бугеб гъира

ЛЮ́БЯЩ//ИЙ, -ая, -ее хирияб, бокьулеб, рокьи бугеб; **~ие супру́ги** цоцазе хириял рос-лъади

ЛЮД *м собир. разг.* гIадамал, чагIи, халкъ; **рабо́чий ~** хIалтIулал гIадамал, хIалтIухъаби

ЛЮ́ Д//И *мн.* (*ед.* **челове́к** *м*) гIадамал, халкъ; **~и на́ших заво́дов** нилъер заводазул гIадамал; **молоды́е ~и** гIолохъанал гIадамал, гIолохъаби 2) (*кадры*) хIалтIухъаби, хIалтIизе гIадамал; **нам нужны́ ~и** нилъее хIалтIухъаби кьваригIун руго 3) *воен. (живая сила*) рагъухъаби; **потери́ в ~ях** рагъухъаби (*рагъда чIван*) ками 4) *уст. (прислуга)* рагьдателал, церетелал, чукъарахьан ◊ **вы́ йти в лю́ ди** гIадамалъе вахъине

ЛЮ́ ДН//ЫЙ, -ая, -ое гIадамал гIемераб, халкъ гIемераб; **~ая у́лица** гIадамал гIемераб кьватI

ЛЮДОЕ́Д *м* гIадамасул гьан кваналев чи, вахIшияв чи

ЛЮДСК//О́Й, -а́я, -о́е **1.** гIадамазул, гIадамазулаб; инсанасулаб; **~ая молва́** гIадамазул хабар **2.** *в знач. сущ.* **~а́я** *ж уст. (помещение для слуг в барском доме*) рагьдателазе бугеб рукъ

ЛЮК *м* люк, каратI (*тIад тIалъел лъун, бацулеб каратI – гамил рагъида яги нухда*)

ЛЮ́ ЛЬКА[1] *ж (колыбель*) кини

ЛЮ́ ЛЬКА[2] *ж обл. (курительная трубка*) хурхурхъалиян

ЛЮ́МПЕН-ПРОЛЕТАРИА́Т *м* люмпен-пролетариат *(капиталистиял улкабазда жиндирго классалдаса ватIалъарав чи – гьардухъан, хъахIба, цIогьор, такъсирчи ва гь.ц.)*

ЛЮ́ СТРА *ж* люстра

ЛЮТЕРА́НИН *м* лютеранин (*лютераназул мазгьабалъул чи*)

ЛЮТЕРА́НКА *ж* лютеранка (*лютераназул мазгьабалъул гIадан)*

ЛЮТЕРА́НСТВО *с* лютеранлъи (*насраниязул диналъул цо мазгьаб*)

ЛЮ́ ТИК *м бот.* лютик (*загьруяб хер*)

ЛЮ́ТНЯ *ж (музыкальный инструмент*) лютня (*чIвабиги ругеб, килщаз гьаракьги бахъинабулеб цебегосеб музыкалияб алат*)

ЛЮ́ТЫЙ, -ая, -ое 1) ццидалаб, вахIшияб, гурхIел-рахIму гьечIеб, бидухъ гIашикъаб; **~ зверь** вахIшияб жанавар; **~ враг** гурхIел-рахIму гьечIев тушман 2) *перен.* кутакаб, цIакъ цIикIкIараб; **~ моро́з** кутакаб цIорой

ЛЮФА́ *ж бот.* люфа (*хъабхъил цо тайпа*)

ЛЮЦЕ́РНА *ж бот.* люцерна (*хер*)

ЛЯ *с нескл. муз.* ля (*нота*)

ЛЯГА́ТЬ *несов. кого-что* мал базе, мал чIвазе, мал хьвагIизе

ЛЯГА́//ТЬСЯ *несов.* 1) малал разе лъугьине, малагъине; **ло́шадь ~ется** чоца малал рала 2) (*лягать друг друга*) цоцазда малал разе, малал ран, рагъизе

ЛЯГНУ́ ТЬ *однокр. к* **лага́ть**

ЛЯ́ ГУ, ля́жешь *и т.д. буд. от* **лечь**

ЛЯГУША́ТНИК *м гIелмиял лабораториязда* чIагоял къуркъби цIунулеб цIорол банка, кIуни

ЛЯГУША́ЧИЙ, -ья, -ье, **лягу́шечий,** -ья, -ье къоркъол, къуркъбузул; **лягуша́чья икра́** къуркъбузул хьон; **лягу́шечьи ла́пки** къоркъол квачIал

ЛЯГУ́ ШКА *ж* къверкъ

ЛЯГУШО́НОК *м* къоркъотIинчI

ЛЯ́ ЖКА *ж* мачI

ЛЯЗГ *м* чвархъи, зваргъи; къирщ-къирщи; **~ цепе́й** рахсазул зваргъи; **~ зубо́в** цабзазул къирщ-къирщи

ЛЯ́ ЗГА//ТЬ *несов.* къерщезе, къерщезаризе; чвархъи бахъине; чвархъезабизе; зваргъи бахъине, зваргъезабизе; **~ть зуба́ми** цаби къерщезаризе; **~ют листы́ желе́за** маххул листазул зваргъи бахъунеб буго

ЛЯЗГНУТЬ *однокр. к* **ля́ згать**

ЛЯ́ МК//А *ж* кIигъажалда балеб гIарщ-квар ◊ **тяну́ть ~у** *разг.* лъугIиго гьечIеб, чIамучIаб, захIматаб хIалтIи тIаде ккезе

ЛЯ́ ПАТЬ *несов. разг. см.* **ля́ пнуть**

ЛЯ́ ПНУТЬ *сов. что и без доп. разг. (сболтнуть)* абун борчIизе, абун бахъун ккезе, кьвагьун биччан тезе (*кьваригел гьечIеб рагIи*); **~ глу́пость** гIантаб рагIи абун борчIизе

ЛЯ́ ПСУС *м* гьалатI (*лъачIого ккараб, хъачIаб, гIантаб*)

ЛЯ́ СЫ *мн.*: **точи́ ть ~** *прост.* чIанда бицине, чIалгIаде гаргадизе, пайда гьечIеб хабар цIалкIизе

М

МАВЗОЛЕ́Й *м* мавзолей (*хобалда тIад яги хIурматияв хварав чиясул жаназаги жаниб лъун гьабураб кIудияб берцинаб мина, рукъ*); **~ Ле́нина** Ленинил мавзолей

МАГ *м (чародей)* сихIручи, гьукъалияв; ◊ **~ и волше́бник** *шутл.* кинабго жо гIадатияб гуреб куцалъ бигьаго ва хехго гьабулев чи

МАГАЗИ́ Н *м* 1) тукен; **продукто́вый ~** квана-гьекъолел жалазул тукен 2) *воен.* магазин (*тункIида , автоматалда патронал лъолеб бакI)*

МАГАРЫ́ Ч *м прост.* магарич; **с вас ~!** дуца (нужеца) магарич гьабизе ккола!

МАГИ́ СТР *м* магистр (*цо-цо къватIисел пачалихъазда гIелмияб цIар*)

МАГИСТРА́ЛЬ *ж* магистраль (1 *чIахIиял нухазул бищунго аслияб, кIвар бугеб;* 2 *кIудияб шагьаралъул гIемерал гIадамал, машинаби хьвадулеб къватI;* 3 *токалъул, телеграфалъул, телефоналъул аслияб мухъ яги лъим бачарал, канализациялъе лъурал турбаби*)

МАГИ́ ЧЕСКИЙ, -ая,-ое (*чудодественный*) сихIруяб, гIажаибаб асар гьабулеб

МА́ГИЯ *ж* магия (*божулел гIадамазул пикруялда рекъон, тIабигIаталъе хасиятал гурел хисаби ккезаризе кIолеб гьунар*); **чёрная ~** жужахIалъулал къуватазул кумекалдалъун сихIру гьаби

МА́ГМА *ж геол.* магма (*ракьул гьварилъуда, батIи-батIиял магIданал риун, лъугьунеб цIадулаб бухIараб лъамалъи*)

МАГНА́Т *м* магнат (*феодалиялгун капитализмалъул улкабазда цIакъго бечедав чи*); **фина́нсовые ~ы** гIарцул (финансазул) магнатал

МАГНЕТИ́ЗМ *м физ.* магнетизм (**1.** *цо-цо жал жиндего цIазе яги нахъе тункизе макъратIисалъул, токалъул кваразул хасият* **2.** *макъратIисалъул хасиятал лъазарулеб гIелму*)

МАГНЕ́ТО *с нескл.* магнето (*моторалда жаниб цIа пархизабизабулеб электромагниталъул алат*)

МА́ГНИЙ *м* магний (*хим. элемент, металл*)

МАГНИ́ Т *м* макъратIис

МАГНИ́ТН//ЫЙ, -ая, -ое макъратIисалъул; **~ая руда́** макъратIис гьорлъ бугеб магIдан; **~ая анома́лия** *физ.* макъратIисалъул цIай гьоркьохъеб роценалдаса хиси; **~ое по́ле** *физ.* макъратIисалъ асар гьабулеб бакI

МАГНИТОФО́Н *м* магнитофон

МАГНИТОФО́ННЫЙ, -ая, -ое магнитофоналъул(аб)

МАГОМЕТА́НИН *м* бусурманчи, бусурман дин гьабулев чи

МАГОМЕТА́НСК//ИЙ, -ая, -ое бусурманлъияльул, бусурман диналъул; **~ая мече́ть** бусурман диналъул мажгит (бусурманазул мажгит)

МАГОМЕТА́НСТВО *с* бусурманлъи, ислам, МухIамад авараасул дин

МАДО́ННА *ж* мадонна (*католиказ Маръямида абулеб цIар*)

МАЁВКА *ж ист.* маёвка (*революциялда цебе Россиялда, шагьаралдаса къватIире рахъун, 1 Маялъ захIматчагIаз гьарулел рукIарал балъгоял данделъаби*)

МАЖО́Р *м муз.* мажор, аваданаб гьаракь бугеб музыкалияб роцен; *перен.* аваданаб, рохалилаб рекIел хIал

МАЖО́РНЫЙ, -ая, -ое 1) *муз.* мажорияб 2) *перен. (бодрый)* рохалилаб, аваданаб

МА́ЖУ(СЬ), МА́ЖЕШЬ(СЯ) *и т.д. наст. от* **ма́зать(ся)**

МА́ЗАНКА *ж* рукъ (*хIamIул кирпичалъул, цIулал тIасан хIарщги жужараб язихъаб мина*)

МА́ЗАТЬ *несов.* 1) *кого-что* бахине; **~ сте́ны кра́ской** къадазда лажбар бахине; **~ гу́бы** кIутIбузда жо бахине; **~ хлеб ма́слом** чадида нах бахине 2) *что* бохьизе; **~ избу́** рукъ бохьизе 3) *разг. (в игре, стрельбе)* гулла алхине, гIужда щунгутIизе (*расандиялда, туманкI кьвагьиялда*)

МА́ЗАТЬСЯ *несов.* 1) бахине (*жиндаго лъамияб, беэнаб жо*); **~ вазели́ ном** жиндаго вазелин бахине 2) *разг. (пачкаться)* чороклъизе, хъублъизе; **све́тлое пла́тье бы́ стро ма́жется** канчIаб гурде хехго чороклъула 3) *разг. (пачкать при прикосновении*) хъвараб механалъ чороклъизе; **стена́ ма́жется** къададасан хъублъи бахуна, чороклъула

МАЛЁК *м* зоол. ччугIил икраялдасан гьанжего гьанже лъугьараб тIинчI

МАЗНЯ́ *ж разг. (о картине*) гьунар гьечIого, жужа-кукан бахъараб сурат

МАЗО́К *м* 1) мазок (*щёткаялъ (цохIо багъариялъ) бахараб релъен, цIараб мухъ*) 2) *мед.* мазок (*микроскопалъ хал гьабизе цIорода тIеренго бахараб бидул, хьордол, хIацIул къатIра*)

МАЗУ́ Т *м* мазут (*нефталдасан нарт, бензин, газолин бахъун, хутIулеб ахакь*)

МАЗ//Ь *ж* 1) мазь, нах; **ци́ нковая ~ь** цинкалъул мазь 2) (*смазка*) мазь; **коле́сная ~ь** бурдузда бахунеб нах; **сапо́жная ~ь** хьитазда бахунеб мазь ◊ **де́ло на ~и́** иш лъикI унеб буго

МАИ́ С *м бот.* цIоросаролъ

МАЙСОВ//ЫЙ, -ая, -ое цIоросаролъул; **~ая лепёшка** цIоросаролъул панкъ, мучари

МАЙ *м* май; **Пе́рвое ма́я ~** ТIоцебесеб май (*байрам*)

МА́ЙКА *ж* майка

МАЙОНЕ́З *м кул.* майонез (*хурдузул нахул, тIогьилаб ханил, къанцIадул, горчицаялъул гьабураб кванда тIаде гьабулеб нигIмат*)

МАЙО́Р *м воен.* майор

МА́ЙСКИЙ, -ая, -ое маялъул; **~ день** маялъул къо; **~ жук** *зоол.* маялъул оцхIутI (*оцхIутIазул цо тайпа)*

МАК *м (растение, семена*) чабчах, хашхаштIегь; чабчаха-лъул хьон

МАКА́КА *ж* макака *(гIисинал маймалаказул цо тайпа)*

МАКАРО́НЫ *мн.* макаронал

МАКА́ТЬ *несов. что* ччузе; **~ перо́ в черни́ ла** перо щакъидалъ ччузе

МАКЕ́Т *м* макет (*щибниги гьитIинаб роцада такрар гьабураб жо, модель*); **~ зда́ния** минаялъул макет

МА́КЛЕР *м* маклер, дармил гьоркъохъан, даллал

МАКНУ́ ТЬ *однокр. к* **мака́ть**

МА́КОВКА *ж* 1) (*коробочка мака*) хашхаштIогьол бетIер, хьодокъвачIа 2) *разг. (купол церкви*) килисаялъул хъуба

МА́КОВ//ЫЙ, -ая, -ое хашхашалъул; **~ое се́мечко** хашхашалъул хьон, цо мугь; **~ые бу́лочки** хашхашалъул хьонги жубан гьарурал булкаби ◊ **у меня́ ~ой роси́нки во рту не́ было** дица кигIан гьитIинабги кIалдиб жо лъечIо

МА́КСИ *неизм.* хIатIихинкIихъе щвараб ретIунеб жо (*гурде, юбка*)

МАКСИМА́ЛЬНО *нареч.* бищунго цIикIкIун, бищун тIадегIанго

МАКСИМА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое бищун кIудияб, цIикIкIараб; **~ая температу́ра** бищун цIикIкIараб хинлъи-цIорой; **~ая ско́рость** бищун цIикIкIараб хехлъи; **~ая нагру́зка вагóна** вагоналда лъезе бегьулеб бищун кIудияб бакIлъи, вагоналъ хIехьолеб бищун кIудияб цIайи

МА́КСИМУМ *м* 1) бищун цIикIкIараб къадар; **~ оса́дков выпада́ет о́сенью** бищун гIемер цIадал рала хасалихъе 2) *в знач.*

нареч. бищунго гIемер; **ему́ ~ со́рок лет** гъосул, бищунго гIемер (батани), кIикъого сон буго

МАКУЛАТУ́ РА *ж* бихъараб, хвараб кагъат, басриял тIахьал *ва гь.ц.* (*цIидасан кагътил фабрикалда хIалтIизабулеб*); магъакь-кIачар

МАКУ́ ШК//А *ж* 1) тIоноцI; **ша́пка на ~е** тIоноцIиб базабураб (лъураб) тIагъур 2) (*верхушка*) тIогь; **~а горы́** мугIрул тIогь ◊ **у него́ у́шки на ~е** дов гIинда цIодорав чи вуго, цIодорго вукIунев чи вуго

МАЛ1А́ЕЦ *м* малайзияв

МАЛ1А́ЙКА *ж* малайзияй

МАЛ1А́ЙСКИЙ, -ая, -ое Малайзиялъул; **~ язы́к** малайзияул мацI

МАЛ1А́ЙЦЫ *мн.* малайзиял (*Малайзиялъул халкъ*)

МАЛАХИ́ Т *м* малахит (*канчIгIурччинаб кьералъул къиматаб минерал*)

МАЛАХИ́ ТОВЫЙ, -ая, -ое малахиталъул; малахиталъул гьабураб

МАЛ//ЕВА́ТЬ *несов. кого-что разг. (плохо рисовать)* хашго сурат бахъизе ◊ **не так стра́шен черт, как его́ ~ю́ют** *погов.* бицунебгIан хIинкъизе ккараб жо букIун гьечIо гьеб

МАЛ1Е́ЙШ//ИЙ -ая, -ее *превосх. ст. к* **ма́лый**[1] бищун гьитIинаб, дагьаб; **не име́ю ни ~его поня́ тия об э́ том** гьелъул хIакъалъулъ кигIан гьитIинабги бичIчIи гьечIо (*дир*)

МА́ЛЕНЬК//ИЙ, -ая, -ое 1) гьитIинаб; **~ий до́мик** гьитIинаб мина 2) (*незначительный*) дагьа-макъаб; кIвар гьечIеб; **~ая непри́ тность** дагьа-макъаб лазатбахъи 3) (*малолетний*) гьитIинаб; **~ий ребёнок** гьитIинаб лъимер, дагьаб заман бараб лъимер

МАЛИ́ Н//А *ж* малина; **варе́нье из ~ы** малинаялъул мурапа

МАЛИ́НОВЫЙ, -ая, -ое 1) малинадул; **~ куст** малинадул хьуй 2) (*о цвете*) малинадул кьераб; ◊ **~ звон** гIисинал яги чIахIиял цIурмазул берцинаб звангъи

МА́ЛО 1. *нареч.* 1) (*немного*) дагь; **я ~ чита́ю** дица дагь цIалула 2) (*недостаточно*) гIоларе6 къадаралда; **я зна́ю вас ~** дида мун дагьго лъала **2**. *в знач. сказ. безл. сказуемоялъул магIнаялда*: **э́ того ~** гьеб дагь буго; **~ того́** гьеб гуребги

МАЛОВА́ТО *нареч. разг.* дагьго, гIоларебгIан

МАЛОВЕРОЯ́ТН//ЫЙ, -ая, -ое божизе захIматаб, щакаб; **~ые слу́хи** щакал харбал

МАЛОВО́ДН//ЫЙ, -ая, -ое 1) лъим дагьаб (*бакI, гIор*); **~ая река́** лъим дагьаб гIор 2) (*о местности*) лъим гьечIеб (*бакI)*, ракъдалаб (*бакI)*

МАЛОВО́ДЬЕ *с* 1) (*реки, озера и т.п.*) гIурулъ лъим дагьлъи, хIориниб лъим дагьлъи 2) лъалъ гIунгутIи, лъим гIунгIутIи

МАЛОГАБАРИ́ ТН//ЫЙ, -ая, -ое гьитIинаб, кIудияб гуреб роцадул; **~ая кварти́ ра** гьитIинаб квартира

МАЛОГРА́МОТНОСТЬ *ж* гIей гьабулареб хъвазе-цIализе лъай

МАЛОГРА́МОТН//ЫЙ, -ая, -ое 1) лъикI хъвазе-цIализе лъаларев 2) (*невежественный*) лъай гьечIев, жагьилав; **техни́ -чески ~ый специали́ ст** техникаялъул лъай дагьав специалист 3) (*неправильно сделанный*) гIураб лъай гьечIого, мекъи гьабураб; **~ая статья́** гъваридаб лъай гьечIого, ургъичIого, загIипго хъвараб статья (макъала)

МАЛОДОХО́ДН//ЫЙ, -ая, -ое хайир, пайда дагьаб; **~ое хозя́йство** пайда, хайир дагьаб магIишат

МАЛОДУ́ ШИЕ *с* рухIияб къвакIи, бихьинчилъи гьечIолъи, таваккал гьечIолъи

МАЛОДУ́ ШНЫЙ, -ая, -ое хIинкъарав, загIипаб хасияталъул, таваккал гьечIев; **~ челове́к** загIипаб хасияталъул чи

МАЛОЗАМЕ́ТН//ЫЙ, -ая, -ое 1) цебе рехулареб, бихьулареб; **~ые пя́тнышки** рихьулел-рихьуларел лангал 2) (*инсанасул хIакъалъулъ*) машгьурлъи гьечIев, цогидазул кIвар жинде буссунарев

МАЛОЗЕМЕ́ЛЬЕ *с* ракь дагьлъи, ракь къварилъи

МАЛОЗЕМЕ́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое ракь дагьаб, къваридаб ракъалъул (*магIишат*)

МАЛОЗНАКО́М//ЫЙ, -ая, -ое дагьа-макъаб гурони лъалареб; **~ые лю́ ди** дагьа-макъал гурони цоцазда лъаларел гIадамал

МАЛОИЗВЕ́СТНЫЙ, -ая, -ое машгьурлъи гьечIеб, цIар ргIичIеб; **~ый писа́тель** машгьурлъи гьечIев, цIар ргIичIев хъвадарухъан

МАЛОИЗУ́ ЧЕННЫЙ, -ая, -ое дагьго гурони, гIураб даражаялда лъазабичIеб

МАЛОКРО́ВИЕ *с мед.* би дагьлъи, бидукълъи

МАЛОКРО́ВНЫЙ, -ая,-ое би дагьаб, бидукъаб

МАЛОКУЛЬТУ́РНЫЙ, -ая, -ое нахъе ккараб, культура дагьаб

МАЛОЛЕ́ТН//ИЙ, -яя, -ее гьитIинаб гIелалъул, дагьал сонал рараб; **~ие де́ти** гьитIинаб гIелалъул лъимал

МАЛОЛИТРА́ЖНЫЙ, -а,-ое: **~ автомоби́ль** гьитIинаб, дагьаб бензин бухIулеб автомобиль

МАЛОЛЮ́ ДН//ЫЙ, -ая, -ое гIадамал дагьаб, къанагIатаб; **~ая у́лица** гIадамал дагьаб къватI

МАЛО-МА́ЛЬСКИ *нареч. разг.* кигIанниги, дагьа-макъабгIаги; **найти́ ~ приго́дное ме́сто** дагьа-макъабниги санагIатаб, рекъараб бакI батизе

МАЛОМЕТРА́ЖН//ЫЙ, -ая, -ое гьитIинаб роценалъул, дагьаб метражалъул; **~ая кварти́ ра** гьитIинаб квартира

МАЛОМО́ЩНЫЙ, -ая, -ое дагьаб къуваталъул; **~ мото́р** дагьаб къуваталъул, загIипаб мотор

МАЛОНАСЕЛЁНН//ЫЙ, -ая, -ое гIадамал дагьаб; **~ая ме́стность** гIадамал, халкъ дагьаб бакI

МАЛООБЕСПЕ́ЧЕНН//ЫЙ, -ая, -ое гIураб рес гьечIеб, мискинаб; **~ая семья́** язихъаб хъизан

МАЛОПОДВИ́ ЖНЫЙ, -ая, -ое 1) багъа-бачари дагьаб; **~ суста́в** гIураб къадаралда багъароларе6 рищи (*лугбазул*)

МА́ЛО-ПОМА́ЛУ *нареч. разг.* дагь-дагьккун, хIинцго

МАЛОПОНЯ́ТНЫЙ, -ая, -ое бичIчIизе захIматаб, дагьго бичIчIулеб

МАЛОПРОДУКТИ́ВНЫЙ, -ая, -ое пайда, хайир дагьаб; **~ труд** пайда дагьаб захIмат; **~ скот** хайир дагьаб гIи-боцIи

МАЛОРА́ЗВИТ//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*физически*) сахлъиялъул рахъалъ загIипаб, логокъаб, чIинчIикъаб 2) (*экономически*) магIишат цебетIеялъул рахъалъ тIадегIанаб даражаялде бахинчIеб 3) (*интеллектуально*) гIураб лъай-гIакълу, цебетIей гьечIеб

МАЛОРО́СЛЫЙ, -ая, -ое гьитIинаб черхалъул, логокъаб

МАЛОСЕМЕ́ЙНЫЙ, -ая, -ое гьитIинаб хъизан бугев

МАЛОСИ́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое дагьаб гуч бугеб; **~ый дви́ гатель** загIипаб мотор, двигатель; **~ая ло́шадь** хIаликъаб, къуват гьечIеб чу

МАЛОСОДЕРЖА́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая,-ое гъваридаб магIна гьечIеб; **~ая бесе́да** гьодораб, чIобогояб гара-чIвари

МАЛОСО́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое цIан дагьаб; **~ые огурцы́** цIан ргIичIел охцерал

МАЛОСОСТОЯ́ ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*небогатый*) мискинаб 2) (*неубеди́ тельный*) божизе захIматаб; **~ые до́воды** божизе захIматал хIужжаби, далилал

МАЛОСПОСО́БНЫЙ, -ая, -ое бажари дагьаб; **~ учени́к** гьунар гьечIев цIалдохъан

МА́ЛОСТ//Ь *ж* 1) *разг. (пустяки, мелочь*) гьадингояб, гIисибикъинаб жо; **поссо́риться из-за ~и** гьадингояб жо сабаблъун, къацандизе, барщизе 2) *в знач. нареч. разг. (немного)* цодагьалъ; **~ь посплю́** цодагьалъ кьижила ◊ **по ~и** дагь-дагь, дагьа-дагьабккун

МАЛОТИРА́ЖН//ЫЙ, -ая,-ое дагьаб тираж бугеб; **~ая газе́та** тираж дагьаб газета

МАЛОУБЕДИ́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое божизе захIматаб; ракI чIоларе6; **~ факт** божизе захIматаб, ракI чIоларе6 хIужжа

МАЛОУДО́ЙНЫЙ, -ая, -ое дагьаб гурони рахь кьолареб (бечIчIулареб) (*гIака*)

МАЛОУПОТРЕБИ́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое дагь хIалтIизабулеб, нагагь гурони пайда босулареб; **~ое сло́во** къанагIат хIал-тIизабулеб ргIи

МАЛОУТЕШИ́ ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое гIодоре риччазе толареб, ракI сасунареб, дагьаб рохел кьолеб; **~ое изве́стие** рахIат толареб хабар

МАЛОЦЕ́ННЫЙ, -ая, -ое (гьедигIан) къимат гьечIеб, учузаб

МАЛОЧИ́ СЛЕНН//ЫЙ, -ая, -ое дагьаб, дагьал гIадамал ругеб; дагьаб къадаралъул; **~ отря́ д** гьитIинаб къокъа; **~ые слу́чаи** дагьа-макъал лъугьа-бахъинал

МА́Л//ЫЙ[1], -ая, -ое 1) (*маленький*) гьитIинаб; **с ~ых лет** гьитIинаб мехалдаса нахъе 2) *крат. ф.* гьитIин, къварид; **сапоги́ ему́ ~ы́** чакмаби гьесие къварид руго; **от ~а до вели́ка** гIисиналги чIахIиялги, киналго 3) *в знач. сущ.* **~ое** *с*: **дово́льствоваться ~ым** дагьалда гIей гьабизе

МА́ЛЫЙ[2] *м разг. (подросток)* гIолилав (*гIолев вугев бихьинчи*); **передо мной стоя́л ~ лет двена́дцати** дида цеве чIун вукIана анцIила кIиго сон барав гIадав гIолилав

МАЛЫ́Ш *м (гьитIинаб)* лъимер (*вас*)

МА́ЛЬВА *ж бот.* тIа (*багIараб, тIогьилаб тIегь*)

МА́ЛЬЧИК *м* вас ◊ **~ с па́льчик** *фольк.* малъгIанасев вас

МАЛЬЧИ́ШЕСК//ИЙ, -ая, -ое лъимадулаб (*вас хIисабалда*); **~ий го́лос** лъимадулаб гьаракь; **~ая вы́ходка** рекъечIеб, лъимадулаб гIамал

МАЛЬЧИ́ШЕСТВО *с* лъимадулаб гIамал-хасият

МАЛЬЧИ́ШКА *м разг.* вас; **он ведёт себя́ как ~** гьитIинав васасул гIадаб буго гьесул хьвада-чIвади

МАЛЬЧУГА́Н *м разг.* вас

МАЛЮ́СЕНЬКИЙ, -ая, -ое *разг. (очень маленький)* гьитIинкIаб

МАЛЮ́ТКА *м, ж* гьитIинав вас, гьитIинай яс, гьитIинкI

МАЛЯ́Р *м* вохьарухъан, лажбар бахунев чи, маляр

МАЛЯРИ́ЙНЫЙ, -ая, -ое къобдал, бакъул унтиялъул; **~ кома́р** къобдал кIкIара

МАЛЯРИ́Я *ж мед.* къоб, бакъул унти

МАЛЯ́РН//ЫЙ, -ая, -ое рохьариялъул, лажбар бахиналъул; **~ые рабо́ты** рохьариялъул хIалтIаби; **~ая кисть** лажбар бахунеб щетка

МА́МА *ж* эбел, баба

МАМАЛЫ́ГА *ж* цIоросаролъул ханджал карщ, хIичи

МА́МЕНЬКИН, -а, -о: **~ сынóк** эбелалъул мухIама; **~а дóчка** бабал ясикIо, эбелалъул гогьма

МА́МОНТ *м* мамонт (*цIакъго цебе заманалда ракьалда букIараб пилалъул тайпаялъул халатаб расги черхалда бижараб хIайван*)

МАНА́ТКИ *мн. разг.* кьайи-цIа

МАНГА́Л *м* мангал (*жинда гьан бежулеб, квен гьабулеб кор гIадаб жо*)

МАНДАРИ́Н[1] *м (дерево, плод)* мандарин

МАНДАРИ́Н[2] *м ист.* чиновник (*цебесеб Китаялъул чиновниказда Европаялъул гIадамаз абулеб букIараб цIар)*

МАНДА́Т *м* мандат, вакиллъиялъул кагъат; **депута́тский** ~ депутатасул мандат (*ихтиярал тасдикъ гьарун кьураб документ*)

МАНДА́ТН//ЫЙ, -ая, -ое мандатазул; **~ая коми́ссия** мандатазулаб комиссия (*делегатазул, депутатазул ихтияразул хал гьабулеб комиссия*)

МАНДОЛИ́НА *ж* мандолина

МАНЕ́ВР *м* 1) *воен.* маневр (*рагъулал шартIазде гIагар гьарун, аскарал ва флот куцаялъул тадбирал*) 2) *мн.* **~ы** *воен.* маневраль (*тушманасда кьаби щвезабизе гьабулеб багъа-бачари*) 3) *мн.* **~ы** *ж.-д.* маневрал (*станциялда поездал гIуцIизе локомотивал ва вагонал доре-гьанире цIай*) 4) *перен. (уловка*) сихIираб, хасаб мурадалда гьабулеб иш

МАНЕВРИ́РОВАТЬ *несов.* 1) *воен., ж.-д.* маневрал гьаризе 2) *перен. разг. (хитрить)* сихIирлъизе 3) *перен.* гIадатал гурел ресаздаса пайда босизе; **~ резе́рвами** нахърателаздаса битIун пайда босизе

МАНЕ́Ж *м* манеж (1 *чуял ругьун гьаризе сверун къараб бакI яги гьелъие бараб хасаб мина*; 2 *циркаялъул артистал цере рахъунеб бакI)*

МАНЕКЕ́Н *м* манекен (*букъараб ретIелалъухъ тIад ретIун балагьизе гIадамасул къаркъаялъул роценалда гьабураб ясикIо*)

МАНЕКЕ́НЩИК *м* манекенщик (*жиндаго ретIун, цIияб фасоналъул (букъиялъул) ретIел бихьизабулев чи*)

МАНЕКЕ́НЩИЦА *ж* манеценщица

МАНЕ́Р//А *ж* 1) гIадат; **у него́ ~а гуля́ть по утра́м на све́жем во́здухе** рада-радал бацIцIадаб гьаваялда хьвадулеб гIадат буго досул 2) *мн.* **~ы** хасиятал, рагъа-рашари, иш гьабулеб къагIида; **у него́ хоро́шие ~ы** досул лъикIал хасиятал руго;

МАНЖЕ́ТА *ж (гордил маргъал балеб*) тIогьиса къвал; тIаждал ахалъиялъул тIадехун чIвазабураб бутIа, манжета

МАНИКЮ́Р *м* маникюр *(килщазул малъал рацIцIад ва цIвакизе гьари)*

МАНИКЮ́РН//ЫЙ, -ая, -ое маникюралъул; маникюр гьабулеб; **~ые но́жницы** маникюр гьабулеб кIвекьмахх

МАНИКЮ́РША *ж* маникюрша (*маникюр гьабулей гIадан (специалист*)

МАНИПУЛИ́РОВАТЬ *несов. чем* манипуляция гьабизе

МАНИПУЛЯ́ЦИЯ *ж* 1) манипуляция (*махщалида квералхIалтIизарун гьабулеб хIалтIи*) 2) *перен. (проделка*) хIилла-рекIкI, бербухьин

МАНИ́ТЬ *несов. кого* 1) (*звать*) квер хьвагIун, беральъ ишан гьабун, *щивниги* аскIове ахIизе 2) *перен. (привлекать)* жиндехун цIазе

МАНИФЕ́СТ *м* манифест (*кIвар бугеб лъугьа-бахъин сабаблъун тIадегIанаб власталъ халкъалде балеб хъвавулаб ахIи*)

МАНИФЕСТА́ЦИЯ *ж* манифестация, цадахъаб къватIире рахъин (*хIукуматалъ, фабрик-заводалъул бутIруз ва гь.ц. гьабулеб иш баркун яги гьелда дандечIей лъазабун*)

МАНИ́ШКА *ж* манишка (*бихьиназул гурдил каранда букъараб яги маргъалалъ щула гьабулеб хъахIаб цебебухь*)

МА́НИЯ *ж* 1) *мед.* мания, гIинзунибе щури; (*даимго цого жоялъул пикруялде буссараб, щибниги жинда хадуб лъугьун бугилан кколеб унтиялъул хIал*); **~ вели́чия** живго цIакъав, кIудияв чийилан ккей 2) *хвалс. щибниги* ишалде кутакалда ракIбай, гьира букIин; **~ писа́ть стихи́** кучIдул хъвазе кутакаб гьира букIин

МАНКИ́РОВАТЬ *сов. и несов. чем (пренебрегать)* гIин тIамичIого, сан гьабичIого тезе; *кивениги* инчIого чIезе; адаб гьечIолъи, жойиде гьавунгутIи бихьизабизе; хIачIого, рикIкIинчIого тезе; хIангутIизе, рикIкIунгутIизе

МА́ННЫЙ, -ая, -ое манна крупадул гьабураб; манна крупаялъул; **~ая ка́ша** маннаялъул карщ

МАНОВЕ́НИЕ *с уст.:* **~ руки́** кверзул ишараялдалъун *щибниги* гьабейилан буюри; буюри бихьизабулеб кверзул, ботIрол багъари

МАНО́МЕТР *м физ.* манометр (*газалъул, лъел тIадецуй борцунеб алат*)

МАНСА́РДА *ж* чердакрукъ

МА́НСИ 1) *м, ж нескл.* манси 2) *мн. нескл.* мансиял

МАНСИ́ЕЦ *м* мансияв *см.* **ма́нси**[1]

МАНСИ́ЙКА *ж* мансияй *см.* **ма́нси**[1]

МАНСИ́ЙСКИЙ, -ая, -ое мансиязул; **~ язы́к** мансиязул мацI

МАНСИ́ЙЦЫ *мн.* мансиял (*Ханты-Манси округалъул халкъ*) *см.* **ма́нси**[2]

МАНУФАКТУ́РА *ж* 1) (*ткани*) ххам 2) *ист. эк.* мануфактура (*машинабазул индустриялда цебесеб кверзулаб техникаялъул производство*)

МАНУФАКТУ́РН//ЫЙ, -ая, -ое ххамилаб; **~ые това́ры** ххамил къайи

МАНЬЯ́К *м* маньяк, мания унти бугев чи

МАРА́ЗМ *м* 1) херлъиялъул яги халатаб захIматаб унтул хIасилалда инсанасул чорхол къуватги пикруги загIиплъи, рухIдакълъи 2) *перен.* биххи, хвей, гIодобеккей

МАРА́ЗМА́ТИК, -а; *м* маразмалъ унтарав чи, кидаго гIодочIван вукIунев чи

МАРА́Л *м* марал *(Сибиралда букIунеб чIахIиял лълъурдулги ругеб кIудияб ритIуч1)*

МАРА́ТЬ *несов. разг.* 1) *кого-что (пачкать*) чороклъизабизе 2) *что (плохо рисовать*) сурат квеш бахъизе 3) *что (неряшливо писать*) чорокго хъвазе 4) *кого-что перен. (порочить)* какизе ◊ **~ бума́гу** гьунар гьечIого хъвадаризе; **~ ру́ки** кверал чорок гьаризе (*кколареб ишалда гьоркьове лъугьине*)

МАРА́ТЬСЯ *несов. разг.* 1) (*пачкаться*) чороклъизе 2) *перен. (ввязываться в грязное дело*) чорокаб, нахъегIанаб ишалда гьоркьове ккезе

МАРАФЕ́Т *ж* 1) марафет (гьурмада *жо бахун лъугьараб берцинлъи*) 2) лъухьа-кIуши, нахъе-цебе жо лъей

МАРАФО́Н *м* 1) халатрекери 2) халатрахъарал къецал (хIаял)

МАРАФО́НСКИЙ: ~ **бег** *спорт.* 43 километргун 195 метралъул манзилалда рекери

МА́РГАНЕЦ *м* марганец (*хим. элемент, металл*)

МА́РГАНЦЕВЫЙ, -ая, -ое *хим.* марганецалъул

МАРГАНЦО́ВКА *ж разг.* даруялъе пайда босулеб марганецалъул кескал яги лъамалъи (билъен)

МАРГАРИ́Н *м* маргарин

МАРГАРИ́НОВЫЙ, -ая, -ое маргариналъул; маргарин гьабулеб (*завод*)

МА́РЕВО *с* 1) (*мираж*) берда цебе *сундулниги* сурат лъугьин 2) (*дымка, туман*) чIух

МА́РИ 1. *м, ж нескл.* мари 2. *мн. нескл.* марийцал

МАРИ́ЕЦ *м* марийцав, *см.* **ма́ри** 1

МАРИ́ЙКА *ж* марийцай, *см.* **ма́ри** 1

МАРИ́ЙСКИЙ, -ая, -ое марийцазул; ~ **язы́к** марийцазул мацI

МАРИ́ЙЦЫ *мн.* марийцал, *см.* **ма́ри** 2

МАРИНА́Д *м* 1) маринад *(къанцIа, беэнлъи, махI гьуинал хурдул журан гьабураб лъамалъи)* 2) *мн.* **~ы** (*маринованные продукты*) маринадалъулъ лъурал кваналел жал (*нигIматал*)

МАРИНО́ВАННЫЙ, -ая, -ое маринадалъулъ лъураб; ~ **огуре́ц** маринадалъулъ лъураб охцер

МАРИНОВА́ТЬ *несов.* 1) *что* маринадалъулъ лъезе; ~ **ви́шни** жага маринадалъулъ лъезе 2) *кого-что перен. разг. (задерживать)* ургъунго нахътIамизе, кквезе; ~ **де́ло** иш нахътIамизе

МАРИОНЕ́ТКА *ж* 1) кунадалъун артистас хьвадизаюлей ясикIо 2) *перен.* марионетка (*чияца абуралда хадув вилъулъунев, жиндирго пикру гьечIев чи*), вахьна

МАРИОНЕ́ТОЧН//ЫЙ, -ая, -ое 1) ясикIабазул; **~ый теа́тр** ясикIабазул театр 2) *перен.* марионеткабазул; **~ое прави́тельство** марионеткабазулаб (*цогидаз малъа-малъараб гьабулеб*) хIукумат

МАРИХУА́НА *ж* марихуана (*жиндаса наркотик бахъулеб Индиялъул габани*)

МА́РК//А *ж* 1) марка; **почто́вая ~а** почалъул марка 2) (*клеймо)* гIаламат, маркIа, гIуж; **фабри́чная ~а** фабрикаялъул гIуж 3) (*сорт, качество*) тайпа, даража; **това́р вы́сшей ~и** тIадегIанаб сорталъул къайи ◊ **держа́ть ~у** хьвада-чIвадиялъул норма, тIалабал цIунизе

МА́РКА² *ж (денежная единица*) марка (*Германиялда, Финляндиялда хIалтIизабулеб гIарац*)

МАРКИЗЕ́Т *м (ткань)* маркизет, маркиз (*ххам)*

МА́РК//ИЙ, -ая, -ое хехго чороклъулеб, ланг лъолеб; **~ое пла́тье** хехго чороклъулеб, гьиз босулеб ретIел

МА́РЛЕВЫЙ, -ая, -ое тIеренкатаналъул; ~ **бинт** тIеренаб катаналъул, марлиялъул бинт, ругънакатан

МАРЛЯ *ж* тIеренкатан, марли, катан

МАРМЕЛА́Д *м* мармелад (*конфетал*)

МАРОДЁР *м* талавурчи, ччукIел бахъулев чи (*рагъул заманалда чIварал, лъукъарал рагъухъаби, гIадамал талавур гьарулев чи; гьединавго солдат*)

МАРОДЁРСТВО *с* талавурчилъи; ччукIел бахъи

МА́РОЧН//ЫЙ, -ая, -ое: **~ые ви́на** лъикIаб, маркадулаб чагъир (*хасал бакIазда бижулеб цIолбол гьабулеб ва тайпа хисуларе чагъир*)

МАРСЕЛЬЕ́ЗА *ж* марсельеза (Ф*ранциялъул миллияб гимнлъун лъугьараб, 1792 соналда букIараб революциялъулаб кеч1)*

МАРТ *м* март

МАРТЕ́Н *м* мартен (чаран биунеб печь), мартен печь

МАРТЕ́НОВСК//ИЙ, -ая, -ое мартеналъул; **~ая печь** мартеналъул печь; **~ая сталь** мартеналъул (*мартен печалда биараб*) чаран

МА́РТОВСКИЙ, -ая, -ое марталъул; ~ **день** марталъул къо

МАРТЫ́ШКА *ж* мартышка *(гIисинал маймалаказул цо тайпа*)

МАРШ¹ *м* марш (1 *низамалда чIун, цокIалаб рилълъада аскар ин;* 2 *гьедин унаго, аскар рагъде лъугьин;* 3 *цадахъаб ри-лъада гIадамал иналъе хъвараб музыка;* 4 *стр. борхатаб минаялъул болъодухъан цо тIалаялдаса цогидалде рахунелъул, нахъа толеб бутIа*)

МАРШ² *межд.*: ~ **отсю́да!** яре гьаниса!, тIагIа гьаниса!

МА́РШАЛ *м воен.* маршал *(генераласдаса тIадегIанаб рагъулаб чин)*

МА́РШАЛЬСКИЙ, -ая, -ое маршаласул

МАРШИРОВА́ТЬ *несов.* маршалда, низамалда хъвадизе, ине

МАРШРУ́Т *м* маршрут (*гIадамал, аскарал, самолетал, поездал ва гь.ц. иналъе, чIолел, рештIунел бакIалги рихьизарун, цебе-ккунго мухIкан гьабураб нух*)

МАРШРУ́ТН//ЫЙ, -ая, -ое маршруталъул, маршруталъулаб; **~ое такси́** маршруталда (*бихьизабураб нухдасан*) хьвадулеб такси

МА́СК//А *ж* 1) тIад хураб гьумер 2) *перен*. унго-унгояб мурад бахчун, хIиллаялда хьвади; **~а равноду́шия** *жиндие* сундулго кеп, интерес гьечIеблъун хIай 3) (*слепок*) маска (*инсанасул яги хIайванальул гьурмалгун бетIералъул сундулниги гьабураб сурат*) 4) маска; **противога́зовая ~а** газалдаса цIунизе ххолеб маска ◊ **сбро́сить ~у** живго щив чияли вихьизавизе; **сорва́ть ~у** *щивниги* къватIив чIвазавизе

МАСКАРА́Д *м* маскарад (*хасал маскабазда ва ратIилъ гIадамал жинде рачIунеб байрам*)

МАСКИРОВА́ТЬ *несов. кого-что* 1) *воен.* рахчизарун рихьулареллъун гьаризе 2) перен. пикраби, ишал, рекIел асарал рахчизе, балъго гьаризе 3) *лъиданиги* маскарадалъул костюм ретIине

МАСКИРОВА́ТЬСЯ *несов.* 1) *воен.* тушманасдаса рахчизе, балъго чIезе 2) *перен.* хIилла гьабизе (*живго вугелдаса батIиявлъун вихьизавизе)*, кIигьумерчилъи гьабизе

МАСКИРО́ВКА *ж* 1) (*по гл.* **маскирова́ть**) *щибниги* бахчизаби, ххвел гьаби 2) (*по гл.* **маскирова́ться**) бахчи, хIилла гьаби 3) (*то, чем маскируют*) жиндир кумекалдалъун *щибниги* бахчулеб сана-гIалъи, маска, маскарадалъул костюм ва гь.ц.

МА́СЛЕНИЦА *ж* масленица (*хасел тIобитIун, некIсиял славяназги цогидал халкъазги гьабулеб букIараб, хъухъанчадал режулеб, расандулеб байрам*) ◊ **не житьё, а** ~ гIумру гуро, байрам буго; **не все кото́** ~ *посл.* кидаго гуреб катие тIорахь букIунеб

МАСЛЁНКА *ж* 1) (*посуда*) хъаба, нах чIвалеб жо 2) *тех.* нах тIолеб жо (*сунденги биччазе*); нах биччалеб жо

МА́СЛЕН//ЫЙ, -ая, -ое нахул, нахулаб, нах бахараб, нахул цIураб; **~ый блин** нах бахараб хъухъанчед; **~ые ру́ки** нахул цIурал кверал ◊ **~ый го́лос** хIеларав, лемхIараб гьаракь

МАСЛИ́НА *м* зайтун(*хинал улкабазда бижулеб, кидаго гIурччинго букIунеб гъветI; оливкабазул гъветI*; *гьеб гъотIол пихъ*)

МА́СЛИТЬ *несов. что* нах бахине, нах тIезе, нах биччазе, нах жубазе

МА́СЛИЧНЫЙ, -ая, -ое нах кьолеб, нах бахъулеб; **~ые культу́ры** жидедасан нах бахъулел рижулел жал

МА́СЛ//О *с* 1) нах; **сли́вочное ~о** кIама, щарил нах; **топлёное ~о** биараб нах; 2) (*масляные краски*) нахуда рилъарал релъаби; **писа́ть карти́ну ~ом** нахуда билъараб релъадалъун сурат бахъизе ◊ **как по ~у** нахулъан гIадин (*бигьаго*); **ка́шу ~ом не испо́ртишь** *погов.* нах гIемерлъунилан карщ холареб

МАСЛОБО́ЙКА *ж* нах бахъулеб машина

МАСЛОБО́ЙНЯ *ж* нах бахъулеб (гьабулеб) бакI (предприятие)

МАСЛОДЕ́ЛИЕ *с* нах гьаби, нах бахъи, нах къачIай

МАСЛЯНИ́СТ//ЫЙ, -ая, -ое 1) нах гъорлъ бугеб; нахуда релъларав; **~ая жи́дкость** нах гIадаб лъамалъи 2) (*лоснящийся*) кенчIолеб; **~ые листо́чки** кенчIолел тIанхал (нах бахарал гIадал тIанхал)

МА́СЛЯН//ЫЙ, -ая,-ое нахулаб; **~ое пятно́** нахул ланг; **~ые кра́ски** нахуда хIадур гьарурал релъаби

МА́СС//А *ж* 1) *физ.* масса 2) (*тестообразное вещество*) масса (*буцараб ханжуялда релъларав бакъвалъи*); **гли́няная ~а** буцараб хIатI 3) (*скопление чего-л.*) данделъи (*щиб букIаниги гIемераб жо цо бакIалде бакIари*); **~а наро́ду** *цо бакIалде бакIараб* гIемераб халкъ 4) *разг. (множество чего-л.*) *сундулниги* гIемераб къадар; **~а впечатле́ний** гIемерал пикраби, асарал 5) *мн.* **~ы** (*народ*) халкъ; **трудя́щиеся ~ы** гIемерал захIматчагIи, захIмат – халкъ

МАССА́Ж *м* массаж, лъухьи (*сахлъиялъе яги берцинлъиялъе черх лъухьи*)

МАССАЖИ́СТ *м* массажист (*массаж гьабулев чи*)

МАССАЖИ́СТКА *ж* массажистка (*массаж гьабулей гIадан*)

МАССИ́В *м* 1) (*горный*) гIеблъи-халалъиги баща-бакъадаб, щоб, тIогь гьечIеб мугIрул борхалъи (тIасияб рахъ); 2) **жили́щный** ~ цоцазда аскIорегIан ругел гIемерал кIудиял минаби (рукъзабазул руккел)

МАССИ́ВН//ЫЙ, -ая, -ое кIудияб, мазалияб, бакIаб; **~ая дверь** кIудияб, бакIаб нуцIа; **~ая фигу́ра** мазалияб къаркъала

МАССИ́РОВАТЬ *несов. кого-что* массаж гьабизе; ~ **больно́му ру́ку** унтарасул квералъе массаж гьабизе (унтарасул квер лъухьизе)

МАСС-МЕ́ДИА *ж* масс-медиа *(гIаммаб къагIидаялда газетал, телевидение, радио)*

МАССОВИ́К *м* массовик (*гIемерал гIадамазулгун спорталъул яги культураялъул цадахъаб хIалтIи гьабулев чи*)

МАССО́ВКА *ж разг.* 1. *революциялда цебесеб Россиялда* митинг, балъгояб данделъи; 2. цадахъаб экскурсия, къватIире рахъин

МА́ССОВ//ЫЙ, -ая, -ое *в разн. знач.* гIемерал гIадамал гIахьаллъараб; **~ое рабо́чее движе́ние** гIемерал хIалтIухъаби гIахьаллъараб багъа-бачари; **~ое произво́дство** цого тайпаялъул гIемераб къайи-цIа гьаби; **~ая литерату́ра** халкъалъул гIемерисез цIализе бахъулеб литература *(мIахьал*)

МА́СТЕР *м в разн. знач.* устIар, мастер; **часовы́ х дел** ~ сагIтал къачIалев устар, сагIтазул устар; ~ **худо́жественного сло́ва** художествияб рагIул устIар; ~ **сбо́рочного це́ха** дандралеб цехалъул мастер; ~ **спо́рта** спорталъул мастер ◊ ~ **на все ру́ки** бокьараб хIалтIи гьабизе лъалев чи

МАСТЕРИ́ТЬ *несов. что разг.* кверзул махщелалдалъун *щибниги* гьабизе

МАСТЕРОВО́Й *м* кверда махщел бугев чи (*жиндирго махщалидалъун мIагIел гьабизе лъалев чи*)

МАСТЕРСК//А́Я *ж* 1) мастерская; **шве́йная** ~ рукъарулеб мастерская; **~а́я худо́жника** художникасул мастерская 2) *мн.* **~и́ е** мастерскаял; **железнодоро́жные ~и́ е** маххул нухазул мастерскаял

МАСТЕРСТВО́ *с* 1) (*ремесло)* устарлъи, махшел 2) (*умение*) *кинаб букIаниги ишалъе* кIудияб махшел букIин, бажари

МАСТИ́КА *ж* мастика (*гIиси-бикъинал мIагIелал седезе, щула гьаризе хIалтIизабулеб бакъваяб пицI гIадаб жо; паркет цIвакизабизе бахунеб лъамалъи*)

МАСТИ́ТЫЙ, -ая, -ое (*признанный*) жиндир хIурмат гьабулев, мех барав, гIемераб жо лъалев, цIар тIибитIарав, рикIкIунев чи; ~ **учёный** машгъурав, гьунар бугев гIалимчи

МАСТ//Ь *ж* 1) (*животного*) кьер; **ло́шадь вороно́й ~и** чIегIераб кьералъул чу, чIегIерчу 2) *карт.* хIалел кагътазул тайпа (*аригут, гъара, кирпич, черек*)

МАСШТА́Б *м* 1) (*на чертеже, карте и т.п.*) масштаб; ~ **сто киломе́тров в одно́м сантиме́тре** цо сантиметралъ нусго километр бихьизабулеб масштаб 2) *перен. (размах)* кIодолъи; **широ́кий ~ строи́тельных рабо́т** ралел бакIазул хIалтIабазул гIемерлъи, кIодолъи

МАТ[1] *м* мат (*шахматал хIаялъулъ къураб хIал*)

МАТ[2] *м спорт.* мат, ургу (*мIад гугарулеб*)

МАТ[3] *м (неприличная брань*) рекъечIеб семи, *лъилниги цIаралда абулел* чорокал рагIаби

МАТЕМА́ТИК *м* математик

МАТЕМА́ТИКА *ж* математика

МАТЕМАТИ́ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое математикаялъул; **~ая зада́ча** математикаялъул масъала; **~ий ум** *перен.* математикая-лъулаб гIакълу; мухIканаб, дурусаб пикру

МАТЕРИА́Л *м* 1) материал, къайи; **строи́ тельные ~ы** ралел бакIазе материал, къайи-къоно 2) (*ткань*) ххам 3) (*сведения*) баянал; ~ **для докла́да** докладалъе (хIажатал) баянал

МАТЕРИАЛИ́ЗМ *м философ.* материализм; **истори́ ческий** ~ историялъулаб материализм; **диалекти́ческий** ~ диалектизма-лъулаб материализм

МАТЕРИАЛИ́СТ *м* 1) *филос.* материалист (*материализмалъул рахъ кколев чи) 2) (сугубо практический человек)* материалист (*кинабго жоялъухъ гIумруялъул мурадаздалъун балагьулев чи*)

МАТЕРИАЛИСТИ́ЧЕСК//ИЙ, -ая,-ое материализмалъул, материалистияб; **~ая филосо́фия** материалистияб философия

МАТЕРИАЛИ́СТКА *ж* материалистка (*см.* **материали́ст** 1)

МАТЕРИА́ЛЬНОСТЬ *ж филос.* материалияблъи, хIакъикъатлъи (ритIухъаб, хIакъикъияб куцалъ пикру гьаби); ~ **ми́ра** дунялалъул хIакъикъатлъи (хIакъикъияб букIин)

МАТЕРИА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое 1) *филос. (вещественный, физический*) материалияб, хIакъикъияб (*инсанасул пикруялда бачIеб*); **~ый мир** хIакъикъияб дунял 2) (*денежный*) гIарцулаб; **~ое положе́ние** гIарцулаб рес

МАТЕРИ́К *м* материк (*ралъадазги океаназги сверун ккураб кIудияб ракъдаллъи*); **Африка́нский** ~ Африкаялъул материк

МАТЕРИ́НСК//ИЙ, -ая, -ое эбелалъул; **~ая любо́вь** эбелалъулаб рокьи; **~ое молоко́** эбелалъул рахь

МАТЕРИ́НСТВ//О *с* 1) эбеллъи (*лъимаде йигей, гьеб гьабулей, лъимадуе керен кьолей эбелалъул хIал*); **охра́на ~а** эбеллъи цIуни 2) эбелалъул лъималаздехун бугеб рокьи; эбеллъун йикIине бокьи

МАТЕ́РИ//Я *ж* 1) *филос.* материя (*инсанасул пикруялда бач*Iого, *жиб бугеб хIакъикъат*) 2) *физ. (вещество)* материя (*жиндасан кинабго…гIуцIараб*) 3) (*ткань*) ххам

МАТЕ́РЧАТЫЙ, -ая, -ое ххамил гьабураб

МА́ТКА *ж* 1) *анат.* тIончIорукъ 2) (*самка*) цIуяб хIайван 3) (*пчелиная*) (найил) устIар

МА́ТОВ//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*неблестящий, неякркий*) кьерукъаб, кунчIи гьечIеб 2) (*непрозрачный*) гьорлъан канлъи бихьулареб; **~ое стекло́** гьорлъан канлъи бихьулареб рахьдакьераб цIер

МАТРА́С, МАТРА́Ц *м* бусен, ургу

МАТРЁШКА *ж разг. (цоцада жанир лъолел цIулал ясикIабазул цояб)* цIулаясикIо

МАТРИАРХА́Т *м ист.* матриархат (*чIужугIаданалъул гIагарлъиялъул кьучIалда тухум гIуцIулеб ва гьениб чIужугIаданалъул квершелги аслияб букIараб инсанияталъул цIакъго некI-сияб гIадат*)

МА́ТРИЦА *ж* матрица (*типографиялда хIарпал гьаризе биараб металл жанибе тIолеб халип*)

МАТРИЦИ́РОВАТЬ *сов. и несов. что полигр.* матрицазул кумекалдалъун гьаризе

МАТРО́С *м* матрос

МАТРО́ССК//ИЙ, -ая, -ое матросазулаб; **~ая слу́жба** матросасул хъулухъ; **~ая фо́рма** матрос форма, матрос ретIел

МАТЧ *м* матч; **футбо́льный ~ на пе́рвенство ми́ра** дунялалда тIоцебесеб бакIалъе гIоло футболалъул матч (къец)

МАТЧ-ТУРНИ́Р *м* матч–турнир (*шахматал хIалезул къецал*)

МАТЬ *ж* эбел; ~ **– геро́иня** бахIарчияй эбел

МА́УЗЕР *м* маузер (*танчил тайпа*)

МА́ФИЯ *ж* мафия (1 *гIуцIараб такъсирчилъи;* 2 *собир. хIинкъаби кьун, хIал гьабун хIалтIулел балъгоял такъсириял организациял (гIуцIаби)*

МАХ *м* 1) (*оборот, направление колеса*) свери, тири (*машиналъул гьакибералъул*) 2) (*размах ног животного при беге*) галул халалъи; кIанцIи (*бекерун унеб хIайваналъул*); **широ́кий** ~ гIатIидго тIамураб, кIудияб гали 3) *спорт.* хьвагIи; ~ **руко́й** квералъ хьвагIи ◊ **дать ~у** гьалатI гьабизе; **с ~у** бачIинахъего, цо хьвагIаралъ

МАХА́ТЬ *несов. чем* хьвагIизе; ~ **кры́ льями** куркьбал хьвагIизе; ~ **рука́ми** кверал хьвагIизе; ~ **хвосто́м** рачI хьвагIизе

МАХИ́НА *ж разг.* кIудияб, бакIаб *щибниги*, кIодоч

МАХИНА́ЦИЯ *ж* жиндирго мурад тIубазе хIилла, рекIкI, макру гьаби

МАХНУ́ТЬ *сов.* 1) *однокр. к* **маха́ть** 2) *разг. (прыгнуть*) кIанцIизе; ~ **че́рез забо́р** чалиялда тIасан турхьан кIанцIизе 3) *разг. (отправиться, поехать куда-л.*) ине; ~ **на ле́то в дере́вню** риялъ росулъе ине, хьвагIизабизе ◊ ~ **руко́й** *на кого-что щивниги, щибниги* квер хьвагIун тезе; рехун тезе; кIвар кьечIого тезе

МАХОВИ́К *м тех.* маховик (*механизмалъул хIалтIи рекъон бачунеб кIудияб свериялъул чарх*)

МАХО́РКА *ж* махорка, тамахьо

МАХРО́ВЫЙ, -ая, -ое 1) (*о цветке*) гIемер тIанчал ругеб, гIемер тIанчазулаб (*тIегь*) 2) (*о тканях*) тIаде кIичI бахъараб (*хамм*) 3) *перен.* нахъегIанав, цебетIелъе тушманав

МА́ЧЕХА *ж* бесдал эбел

МА́ЧТА *ж* мачта (*гумузда дугъал (парусал) разе, хал гьабизе (кквезе), сигналал кьезе букIунеб борхатаб хIуби*), гамил хIуби

МА́ЧТОВЫЙ, -ая, -ое мачтаялъул(аб)

МАШИ́Н//А *ж в разн. знач.* машина; **швéйная ~а** букъарулеб машина; **сельскохозя́йственные ~ы** росдал магIишаталъул машинаби; **éхать на ~е** машинаялда (рекIун) ине; **воéнная ~а** рагъулеб машина

МАШИНА́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое ракIалдаго гьечIого, ургъичIого, хIисаб гьабичIого, ккараб; **~ отвéт** ургъичIого кьураб жаваб

МАШИНИЗА́ЦИЯ *ж* хIалтIи машинабаздалъун хьезаби, машинабаз гьаби

МАШИНИЗИ́РОВАТЬ *сов. и несов. что щибниги* машинабаздалъун (машинабазул кумекалдалъун) гьабизе

МАШИНИ́СТ *м* машинист, машина бачунев, хIалтIизабулев чи, машиначи

МАШИНИ́СТКА *ж* машинистка (*хъвараб жо кьабулеб* (*хъвадарулеб*) *машинкаялда хIалтIулей гIадан*), машинкалда хIалтIулей гIадан

МАШИ́НК//А *ж в разн. знач.* машинка; **пи́шущая ~а** хъвадарулеб машинка; **~а для стри́жки** кьунцIарулеб машинка; **печа́тать на ~е** машинкаялда кьабизе

МАШИ́НН0-ТРА́КТОРН//ЫЙ, -ая, -ое: **~ая ста́нция** (мтс) машинабазулгун трактораз станция (мтс)

МАШИ́НН//ЫЙ, -ая, -ое машинабазул; машинабаз гьабулеб; **~ое ма́сло** машинабазул нах; **~ые ча́сти** машинабазул частал; **~ый труд** машинабаз гьабулеб хIалтIи

МАШИНОПИ́СНЫЙ, -ая, -ое: **~ текст** машинкаялда кьабураб текст

МАШИНОСТРОЕ́НИЕ *с* машинаби гьари; **лёгкое ~** тIадагъал машинаби гьари; **тяжёлое ~** бакIал машинаби гьари (*машинаби гьарулеб промышленность*)

МАШИНОСТРОИ́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое машинаби гьарулеб; **~ заво́д** машинаби гьарулеб завод

МАШУ́, ма́шешь *и т.д. наст. от* **маха́ть**

МАЯ́К *м* 1) маяк (*гумузда нух бихъизабизе тIад чирахъалги ругеб ралъдал рагIалда, чIинкIиллъиялда эхетараб борхатаб си*) 2) *перен. сундулниги* гIаламатлъун бугеб хIужа; хIалтIул цевехъан

МА́ЯТНИК *м* маятник, хинкIбахъ; **часово́й ~** сагIтил хинкIбахъ; кисиниб лъолеб сагIтил хьвади рекъезабулеб чарх

МА́ЯТЬСЯ *несов. разг.* захIматаб, чIамучIаб хIалтIи гьабизе, гIакъуба-къварилъи баччизе

МАЯ́ ЧИТЬ *несов. разг.* рикIкIадасан сверухъ бугелдаса цебе рехун бихьизе, рикIкIадасан гIурдул гIадин рихьизе

МГЛА *ж* 1) (*сумерки*) маркIачIумех; бецIлъи; **ночна́я ~** сардил бецIлъи 2) (*пелена тумана или пыли*) накIкIул яги хIурул пардав

МГЛИ́СТЫЙ, -ая, -ое бецIаб, накIкIуца бацараб

МГНОВЕ́НИЕ *с* лахIзат; пара ◊ **в ~ о́ка** бер къапилалде; **в одно́ ~** цо лахIзаталде, цо параялде

МГНОВЕ́ННО *нареч.* цIакъ хехго, бер къапилалде, цо параялде

МГНОВЕ́ННЫЙ, -ая, -ое цIакъ хехаб, цо параялъулаб

МЕ́БЕЛЬ *ж* мебель (*рокъоб лъолеб цIулал къайи: стол, бакI, шкаф, буфет ва гь. ц.*); **мя́гкая ~** тамахаб мебель (*диван, кресло…*)

МЕ́БЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое мебелалъул; **~ магази́н** мебелалъул тукен

МЕ́БЕЛЬЩИК *м* мебель гьабулев чи, мебелалъул устар

МЕБЛИРОВА́ТЬ *сов. и несов. что* мебель лъун, къачIазе; **~ ко́мнату** рукъ, мебельги лъун, къачIазе

МЕБЛИРО́ВКА *ж* 1) (*по гл.* **меблирова́ть**) мебель лъун, къачIай 2) *собир. (мебель)* рокъоб лъураб кинабго мебель

МЕГАФО́Н *м* мегафон (*гьаракь гучIъизабизе хIалтIизабулеб алат*)

МЕГРЕ́Л *м* мегрелав

МЕГРЕ́ЛКА *ж* мегрелай

МЕГРЕ́ЛЫ *мн.* мегрелал

МЕГРЕ́ЛЬСКИЙ, -ая, -ое мегрелазул; **~ язы́к** мегрелазул мацI, мегрел мацI

МЁД *м* гьоцIо ◊ **ва́шими бы уста́ми да ~ пить** *погов.* дур кIутIбуздалъун гьоцIо гьекъезе лъикIан (дуца абухъе кколебани, лъикI букIинаан)

МЕДАЛИ́СТ *м* медалист (*лъикIаб ишалъе гIоло медаль щварав чи*)

МЕДАЛИ́СТКА *ж* медалистка

МЕДА́Л//Ь *ж* медаль; **золота́я ~ь** меседил медаль; **~ь «За трудово́е отли́чие»** «ЗахIматалъул тIокIлъиялъе гIоло" медаль ◊ **оборо́тная сторона́ ~и** *кинаб букIаниги* ишалъул цогияб рахъ

МЕДАЛЬО́Н *м* медальон (*бакъулъ сурат лъезе бакIги бугеб руччабазул горбода балеб гIарац-меседалъул гьабураб тIагIел*)

МЕДВЕ́ДИЦА *ж* эбелаб ци

МЕДВЕ́ДЬ *м* ци; **бе́лый ~** хъахIаб ци

МЕДВЕЖА́ТИНА *ж* цидул гьан

МЕДВЕ́Ж//ИЙ, -ья, -ье цидул; **~ий след** цидул лъалкI ◊ **~ья услу́га** махщел гьечIолъиялъ, пайда гьабулебан, зарал, лазатбахъи гьаби

МЕДВЕЖО́НОК *м* (*мн.* **медвежа́та**) цидул тIинчI

МЕДВЯ́НЫЙ, -ая, -ое гьацIул махI бугеб; **~ за́пах травы́** харил гьацIулаб махI; гьацIул гьабураб

МЕДЕПЛАВИ́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое пахь биунеб; **~ая печь** пахь биунеб печь

МЕДЖЛИ́С *м* мажлис (*Ираналда, Турциялда парламенталда цIар*)

МЕДИА́НА *ж мат.* медиана (*лъабокIоналъул тIогьисан дандбитIун бугеб хьибилалъул бакъулъе цIараб хIучч*)

МЕ́ДИК *м* тохтур; тохтурлъиялъе цIалулев чи

МЕДИКАМЕ́НТЫ *мн.* (*ед.* **медикаме́нт** *м*) дараби

МЕ́ДИНСТИТУТ *м* мединститут, медицинаялъул институт

МЕДИЦИ́НА *ж* медицина (*унтабазул, гьел сахлъизариялъул, гьездаса цIуниялъул хIакъалъулъ гIелмаби*)

МЕДИЦИ́НСК//ИЙ, -ая, -ое медицинаялъул; сахлъизариялда хурхараб; **~ая по́мощь** медицинаялъул (*тохтурзабазул*) кумек; **~ое учи́лище** медицинаялъул училище; **~ие рабо́тники** медицинаялъул хIалтIухъаби; **~ая сестра́** медсестра (*сах гьарулеб ба-кIалда хIалтIулей гьоркьохъеб лъаялъул гIадан*)

МЕ́ДЛЕННО *нареч.* хIинцго, хьадарго, гIодобе биччан

МЕ́ДЛЕНН//ЫЙ, -ая, -ое хIинцаб, хьадараб, гIодобе биччараб ◊ **на ~ом огне́** загIипаб, хьадараб цIадутIа

МЕДЛИ́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое хIинцго, гIедегIичIого иш гьабулев; **~ челове́к** хIинцав, гIедегIуларев чи

МЕ́Д//ЛИТЬ *несов.* хIинцлъизе, хьадарлъизе, хадуб бехъерхъизабизе; **~лить с отве́том** жаваб хадуб бехъерхъизабизе; **не ~ля ни мину́ты** цо минуталъги нахъ бахъичIого, кватIизабичIого

МЕ́ДНИК *м* пахьул устIар

МЕ́ДН//ЫЙ, -ая, -ое пахьул, резил; **~ый таз** пахьул тIарс; **~ая посу́да** пахьул цIарагI

МЕДО́В//ЫЙ, -ая, -ое 1) гьацIулаб, гьацIуда гьабураб; **~ые со́ты** гьацIул къучIдул 2) *перен. (слащавый)* мачIаб, цIекIаб (*рагIи*) ◊ **~ый ме́сяц** ригьнадул тIоцебесеб моцI

МЕДОНО́СН//ЫЙ, -ая, -ое гьоцIо кьолеб; **~ый цвето́к** наяз гьоцIо босулеб тIегь; **~ые пчёлы** гьоцIо гьабулел наял

МЕДОСМО́ТР *м* медосмотр (*медицинаялъ, тохтурзабаз хал гьаби*)

МЕДПУ́НКТ *м* медпункт (*медицинаялъул пункт*)

МЕДРЕСЕ́ *с нескл.* мадраса

МЕДСЕСТРА́ *ж* (*медицинская сестра*) медсестра

МЕДУ́ЗА *ж зоол.* медуза (*ралъдалъ букIунеб рухIчIаголъи*)

МЕДЬ *ж* 1) пахь (багIараб); рез (тIогьолаб) 2) *собир. (монеты)* пахьул гIарац

МЕДЯ́НКА *ж зоол.* хоноборохьалъул тайпаялъул тIулакьераб (*бихьинаб*) ва цIахIилаб (*цIуяб*) борохь

МЕЖ *предлог см.* **ме́жду**

МЕЖА́ *ж* гIурхъи, дазу

МЕЖДОМЕ́ТИЕ *с грам.* междометие

МЕЖДОУСО́БИЦА *ж* жанисеб рагъ-кьал, цоцалъ кьалда рукIин

МЕЖДОУСО́БН//ЫЙ, -ая, -ое жамгIиял къокъабазда гьоркьор кколел; **~ые во́йны** жамгIиял къокъабазда гьоркьор кколел рагъал

МЕ́ЖДУ *предлог с тв. п.* 1) гьоркьоб; **~ двумя́ дома́ми** кIиго минаялда гьоркьоб; **я зайду́ ~ двумя́ и тремя́ часа́ми** дун вачIина сагIат кIигоялдаса лъабгоялде щвезегIан (*гьоркьоб заманалда*) 2) (*среди*) гьоркьоб; **~ на́ми согла́сие** нижеда гьоркьоб (нижер) рагIи данде ккола ◊ **~ на́ми говоря́** нилъедаго гьоркьоб абуни; **~ тем** гьебго заманалда …

МЕЖДУГОРО́ДК//А *ж* междугородка (*шагьаразда гьоркьоб телефоналъул бухьен*)

МЕЖДУГОРО́ДНЫЙ, -ая, -ое шагьаразда гьоркьосеб; **~ телефо́н** шагьаразда гьоркьосеб телефон

МЕЖДУНАРО́ДНИК *м* международник (*халкъазда гьоркьосел суалазул специалист*)

МЕЖДУНАРО́ДН//ЫЙ, -ая, -ое 1) халкъазда гьоркъосеб; **~ая поли́тика** халкъазда гьоркьосеб политика 2) дунялалъулго халкъазе гIаммаб; **~ое движе́ние за мир** дунялалъулго халкъаз ракълие гIоло гьабулеб къеркьей

МЕЖДУРЕ́ЧЬЕ *с* кIиго гIоралда (кIигIорда) гьоркьобакI, гIоразда гьоркьобакI

МЕЖДУРЯ́ ДЬЕ *с с.-х.* кьеразда гьоркьобакI (*чIараб, бекьараб жоялда*)

МЕЖДУЦА́РСТВИЕ *с* кIиго пачаясда гьоркьосеб заман (*цояв пачаги хун, хадусев жеги тахиде вахинчIого, араб заман*)

МЕЖЕВА́НИЕ *с* (*по гл.* **межева́ть**) ракьул бутIабазда гьоркьор гIурхъаби чIвай, гьари (*гьеб борцунелъул ва бикьулелъул*)

МЕЖЕВА́ТЬ *несов. что* гIурхъи чIвазе (*бутIабазда гьоркьоб*), гIурхъаби чIезаризе

МЕЖЕВО́Й, -ая, -ое гIурхъиялъул, дазуялъул; **~ столб** гIорхъода чIвараб хIуби (гIурхъидул хIуби)

МЕЖЗВЁЗДН//ЫЙ, -ая, -ое цIвабзазда гьоркьосеб; **~ое простра́нство** цIвабзазда гьоркьоб бакI (*гIатIилъи*)

МЕЖКОЛХО́ЗН//ЫЙ, -ая, -ое колхозазда гьоркьосеб; **~ая электроста́нция** колхозазда гьоркьосеб (колхозазе гIахьалаб) электростанция

МЕЖКОНТИНЕНТА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое континентазда гьоркьосеб; **~ая раке́та** континентазда гьоркьосеб ракета (континенталдаса континенталде боржунеб ракета)

МЕЖПЛАНЕ́ТН//ЫЙ, -ая, -ое планетазда гьоркьосеб; **~ое простра́нство** планетазда гьоркьоб бакI

МЕЗОНИ́Н *м* мезонин (*минаялъул тIасияб тIалаялъул бакъулъ бараб тIуцаб рукъ*

МЕКСИКА́НЕЦ *м* мексиканав

МЕКСИКА́НКА *ж* мексиканай

МЕКСИКА́НСК//ИЙ, -ая, -ое Мексикаялъул; **~ие пе́сни** Мексикаялъул кучIдул

МЕКСИКА́НЦЫ *мн.* мексиканал (*Мексикаялъул аслияб халкъ*)

МЕЛ *м* мел, гач; **бе́лый как ~** гач гIадин (гачгIан) хъахIаб

МЕЛАНХО́ЛИК *м* 1) *мед.* меланхолик (*инсанасул тIабигIияб пашманаб хасият*) 2) (*мрачный, унылый человек*) къваридав, ракI гIодоб чIварав, ракI чIунтарав чи

МЕЛАНХО́ЛИЯ *ж* 1) *мед.* меланхолия (*къваридаб хIал, пашманлъи*) 2) (*уныние*) гIилла гьечIого, гIодовчIвай, къвари-лъахъди

МЕЛЕ́//ТЬ *несов.* лъим дагьлъизе, кьине; **река́ ~ет** гIурул лъим дагьлъулеб буго (гIор гьитIинлъулеб буго)

МЕЛИОРАТИ́ВН//ЫЙ, -ая, -ое лъалъадиялъул; **~ые рабо́ты** лъалъадиялъул хIалтIаби

МЕЛИОРА́ТОР *м* мелиоратор (*мелиорациялъул специалист*)

МЕЛИОРА́ЦИЯ *ж* мелиорация (*лъим хIалаб ракь бакъвазабун, ракъдалаб лъалъан, ва гь. ц. тадбирал гьарун, ракьул пайда цIикIкIинаби*)

МЕ́ЛКИЙ, -ая, -ое 1) гIисинаб; **~ий песо́к** гIисинаб сали 2) (*небольшой по величине*) гьитIинаб; **~ие о́кна** гьитIинал гордал 3) (*неглубокий*) тIалхияб, тIадгояб; **~ая таре́лка** гъваридаб гьечIеб пушхъа 4) (*экономически маломощный*); **~ое хозя́йство** загIипаб магIишат; **~ая буржуази́ я** загIипаб, дагьаб бечелъиялъул буржуазия 5) (*незначительный*) дагьаб, кIвар гьечIеб; **~ие расхо́ды** дагьал харжал; **~ие подро́бности** кIвар гьечIел баянал ◊ **~ие де́ньги** гIисинаб гIарац; **~ая со́шка** хIурмат, къадру гьечIев гьитIинаб хъулухъалъул чи

МЕ́ЛКО 1. *нареч.* 1) гIисин; **~ наколо́ть дрова́** цIул гIисинго бичIизе, хъвалхьине 2) (*неглубоко*) тIалхинго, гъварилъи гьечIого, тIадго **2.** *безл. в знач. сказ.* тIалхинго буго; **здесь ~** гьаниб тIалхинго буго (гъваридго гьечIо) ◊ **он ~ пла́вает** кIудияб иш гьабизе гьесул гIураб лъайги хIалбихьиги гьечIо

МЕЛКОБУРЖУА́ЗНЫЙ, -ая, -ое загIипаб, гIисинаб буржуазиялъул

МЕЛКОВО́ДН//ЫЙ, -ая, -ое гъварилъи гьечIеб; тIалхияб; **~ая река́** тIалхияб, дагьаб лъим бугеб гIор, тIадгояб гIор

МЕЛКОВО́ДЬЕ *с* тIадголъи, гъварид гьечIолъи, дагьаб лъим букIин; гIурул, хIорил гъварилъи гьечIеб бакI

МЕЛКОКАЛИ́БЕРНЫЙ, -ая, -ое къваридаб хIараялъул (*туманкI, гIарада*)

МЕЛКОЛЕ́СЬЕ *с* гIисинаб рохь; гIисинаб рохь бижараб бакI

МЕЛКОТОВА́РН//ЫЙ, -ая, -ое гIисинал предприятиязул бетIергьабаз хIадур гьабураб къайиялъул; **~ое хозя́йство** гIисинаб къайиялъул магIишат

МЕЛКОШЁРСТНЫЙ, -ая, -ое къокъаб квасалъул (квас къокъаб); **мелкошёрстная овца́** къокъаб квасалъул чахъу (тIарцIаб квасалъул чахъу)

МЕЛОВ//О́Й, -а́я, -о́е гачил, гач гъорлъ бугеб, гьенидул; **~ы́е го́ры** гачил, гьенидул мугIрул ◊ **~о́й перио́д** *геол.* дуниял лъугьиналъул гачил заманилан цIар тараб заман; **~а́я бума́га** хъахIаб сину бахараб кагъат

МЕЛОДИ́ ЧН//ЫЙ, -ая, -ое гьаракь-бакъан рекъараб

МЕЛО́ДИЯ *ж* бакъан

МЕЛОЧЁВК//А 1) тIагIел-гIучI, гьаб-доб 2) кIвар гьечIеб рахъ

МЕЛОЧН//О́Й, -а́я, -о́е 1) *уст.* гIиси-бикъинаб жо бичулеб; **~ая ла́вка** гIиси-бикъинаб жо бичулеб гьитIинаб тукен 2) *см.* **ме́лочный**

МЕ́ЛОЧН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*о человеке*) къарумав, гIиси-бикъинаб жоялъул бицунев чи 2) (*ничтожный, пустяковый*) пайда гьечIеб, гьадингояб; **~ие интере́сы** гьадингоял, пайда гьечIел мурадал

МЕ́ЛОЧ//Ь *ж* 1) *собир. (мелкие вещи*) гIиси-бикъинаб къайи, пайда гьечIеб тIагIел-гIучI 2) *собир. (мелкие деньги*) гIисинаб гIарац 3) *перен. (пустяк*) щибго гуреб жо ◊ **придра́ться к ~ам** гьадингояб, щибго гуреб жоялда викIаризе, щибго гуреб жо сабаблъун багьнал гьаризе

МЕЛЬ *ж* гIурул, ралъдал тIалхияб, гъварилъи гьечIеб, тIадгояб бакI ◊ **сесть на ~** захIматаб хIалалде ккезе

МЕЛЬКА́//ТЬ *несов.* 1) (*появляться и исчезать*) баккунтIагIун букIине; паркъезе; **в по́ле ~ли васильки́** авлахъалда паркъолел рукIана хъахIилдахIаби 2) *перен. (в сознании)* пикрабалъ хего паркъезе, цебе тIамизе 3) (*мерцать*) кунчIун-сун ру-кIине; **вдали́ ~л огонёк** рикIкIада кунчIун-сун букIана цIа; **~ли и́збы, сады́** цересан паркъулел рукIана рукъзал, ахал

МЕЛЬКНУ́ ТЬ *однокр. к* **мелька́ть**

МЕ́ЛЬКОМ *нареч.* цо параялда, лакIзаталда; **слы́ шать ~** цо параялъ рагIизе; **ви́ деть ~** цо лахIзаталъ бихьизе; **~ взгляну́ть** цо параялъ балагьизе (бер чIвазе)

МЕ́ЛЬНИК *м* гьабигьан

МЕ́ЛЬНИЦ//А *ж* 1) гьобо; **водяна́я ~** лъел гьобо; **парова́я ~а** хIохьлал гьобо; **ветряна́я ~а** гьорол гьобо 2) **кофе́йная ~а** кофе ххунеб машинка ◊ **лить во́ду на** *чью-л.* **~у** *лъилниги* рахъ ккун кIалъазе, хIужжаби, далилал рачине

МЕ́ЛЬНИЧНЫЙ, -ая, -ое гьабил; **~ жёрнов** тIасагьобо (*ххенолеб*)

МЕЛЬХИО́Р *м* мельхиор (*резги никельги биун лъугьараб гIарцукьераб сплав (жубараб жо))*

МЕЛЬХИО́РОВ//ЫЙ, -ая, -ое мельхиоралъул; **~ые ло́жки** мельхиоралъул гъудал (балхъал)

МЕЛЬЧА́ЙШИЙ, -ая, -ее *превосх. ст. к* **ме́лкий**

МЕЛЬЧА́ТЬ *несов.* 1) (*становиться мельче*) гIисинлъизе 2) *перен. (утрачивать значительность)* гIадада хвезе, пайдаялдаса бахъизе 3) (*о реке и т.п.*) лъим дагьлъизе

МЕ́ЛЬЧЕ *сравн. ст. к* **ме́лкий** *и* **ме́лко**

МЕЛЬЧИ́ ТЬ *несов. что* гIисин гьабизе; гIисин гьабун, буссизе, хъуризе

МЕЛЮ́, ме́лешь *и т.д. наст. от* **моло́ть**

МЕЛЮЗГА́ *ж собир. разг.* гIисинал рухIчIаголъаби

МЕМБРА́НА *ж физ., тех.* мембрана (*гьаркьил карачелал кквезе ва гьаракь бахъинабизе бугеб тIеренаб пластинка*)

МЕМОРА́НДУМ *м* меморандум (*кинаб букIаниги суалалда тIасан хIукуматалъул пикру жинда жаниб баян гьабураб дипломатияб документ*)

МЕМОРИА́Л *м* мемориал (*цоясул яги гIемеразул бахIарчияб гьунар наслабазе цIунизе бараб памятник*)

МЕМОРИА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое мемориалияб; **~ая доска́** мемориалияб хъарщи

МЕМУА́РЫ *мн.* мемуарал (*церехун ккарал лъугьа-бахъинал ракIалде щвезарун хъвараб литературияб асар*)

МЕ́НА *ж (обмен)* хиси

МЕ́НЕДЖЕР *м* менеджер (*ккурав нухмалъулев*)

МЕ́НЕДЖМЕНТ *м* менеджмент (*производствоялъе нухмалъи гьабиялъул къагIидаби*)

МЕ́НЕЕ *сравн. ст. к* **ма́ло** 1) дагь; **~ двух ме́сяцев** кIиго моцIалдаса дагь 2) *в сочет. с прил. и нареч. обозначает сравнение:* **~ споко́йный** дагьалъ сабураб (*букIана*); **~ споко́йно** дагьалъ сабурго (*букIана*) ◊ **тем не ~** кин бугониги; **~, чем когда́-либо** кидагоялдаса дагь

МЕНСТРУА́ЦИЯ *ж* хIайиз

МЕ́НЬШЕ 1) *сравн. ст. к* **ма́лый**[1] и **ма́ленький; он ~ меня́ ро́стом** гъов дидаса лагаялъ гьитIинав (къокъав) вуго 2) *сравн. ст. к* **ма́ло; как мо́жно ~ движе́ний** кIванагIан дагь багъа-бачари; **~ всего́** сундасаго дагь; **гора́здо ~** гIемерго дагь; **не бо́льше и не ~** *гьелдаса* я гIемер, я дагь гурого

МЕ́НЬШ//ИЙ, -ая, -ее 1) *сравн. ст. к* **ма́лый**[1] *и* **ма́ленький; ~ая часть** гьитIинабаб бутIа 2) *превосх. ст. к* **ма́лый**[1] *и* **ма́ленький**; **из двух зол вы́ брать ~ее** кIиго квешлъиялъул гьитIинабаб тIаса бищизе 3) *разг. (младший)*: **~ий сын** гьитIинав вас ◊ **по ~ей ме́ре** дагьалдасан; **самое ~ее** бищунго дагьалдасан

МЕНЬШИНСТВО́ *с* дагьаб(аб) къадар, гьитIинаб(аб) бутIа; **~ голосо́в** гьаркьазул дагьаб къадар

МЕНЮ́ *с нескл.* меню (*радал, къаде ва цогидабги ригьалда кваназе ругел жал; столоваязда, рестораназдa гьел хъвараб кагъат*)

МЕНЯ́ *мест. личн. род. и вин. п. от* **я**

МЕНЯ́ ТЬ *несов.* 1) *сундухъниги щибниги* хисизе; **~ я́ блоки на пшени́ цу** ролъухъ гIеч хисизе 2) (*сов. разменять)* **~ де́ньги** чIа-хIияб гIарцухъ гIисинаб хисизе 3) (*сов. сменить*) **~ пла́тье** гурде хисизе 4) (*сов. изменить, переменить*) хисизабизе; **~ убежде́ния** пикраби хисизаризе

МЕНЯ́ //ТЬСЯ *несов.* 1) (*обмениваться*) цоцазе хисизе 2) (*сменяться*) хисизе; **дежу́рные ~ лись ка́ждый час** дежурныял щибаб сагIаталдасан хисулаан 3) (*изменяться*) хисизе; **пого́да ~ется** гьава-бакъ хисулеб буго; **времена́ ~ются** заманаби хисулел руго; **~ться в лице́** гьурмалъан хисизе

МЕ́Р//А *ж* 1) роцен; **~а длины́** халалъиялъул роцен 2) (*мероприятие*) тадбир; **приня́ ть необходи́ мые ~ы** хIажатал тадбирал гьаризе 3) (*предел*) гIурхъи; **вы́ сшая ~а наказа́ния** тамихIалъул бищун тIадегIанаб гIурхъи ◊ **без ~ы** роцен, гIурхъи гьечIого, цIакъ гIемер, кIудияб къадаралда; **сверх ~ы** цIакъго, кколелдаса цIикIкIун; роцада тIадеги; **в изве́стной ~е** лъалеб даражаялда; **не в ~у** гIадатаб гуреб куцалда; **знать ~у** гIурхъи лъазе; **по ~е сил** бажарараб куцалда; **по ~е возмо́жности** щвараб, бугеб ресалда рекъон

МЕРЕ́ЖКА *ж* мережка (*ххамил мицIиралде щвелалде кунги бахъун гьабураб накъыц*)

МЕРЕ́ЩИТЬСЯ *несов.* цебе тIамизе

МЕРЗА́ВЕЦ *м* хIарамзада, хъурумсахъ

МЕРЗА́ВКА *ж* хIарамзада, хъурумсахъ

МЕ́РЗК/ИЙ, -ая, -ое 1) (*гадкий*) рокьукъаб, чорокаб; **~ий посту́пок** чорокаб иш 2) разг. (*плохой*) квешаб; **~ая пого́да** квешаб гьава-бакъ

МЕРЗЛОТ//А́ *ж* цIорой, гIуни; **райо́н ве́чной ~ы́** даимго цIорой букIунеб бакI, даимго ракь бихIунареб бакI

МЁРЗЛ//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*промерзший*) цIорораб; **~ая земля́** цIорораб ракь 2) (*испорченный морозом*) **~ая карто́шка** цIорораб (квачалъ хвезабураб) картошка, квач реччIараб картошка

МЁРЗ//НУТЬ *несов.* 1) (*превращаться в лед*) цIороде сверизе; цIер чIвазе; **слёзы ~ли на щека́х** кIаркьбазда магIуялда цIер чIвалеб букIана 2) (*промерзать*) цIорозе 3) (*зябнуть*) квачазе; **ру́ки ~нут** кверал квачалел руго

МЕ́РЗОСТ//Ь *ж* нахъегIанаб, къабихIаб иш, гIамал; **~ь посту́пка** (*то, что вызывает отвращение*) гьабураб шиалъул къабихIлъи, нахъегIаклъи **говори́ть ~и** къадарал, къабихIал жал рицине, абизе

МЕРИДИА́Н *м геогр.* меридиан

МЕРИ́ ЛО *с* роцен

МЕ́РИН *м* свераараб чу, ахтачу

МЕРИНО́С *м* 1) (*порода овец*) меринос (*тIеренаб хъахIаб квасул тайпаялъул гIи*) 2) (*шерсть*) меринос (тайпаялъул) квас

МЕРИНО́СОВ//ЫЙ, -ая, -ое меринос (тайпаялъул) квасул гьабураб; **~ые о́вцы** меринос тайпаялъул гIи; **~ая шерсть** меринос тайпаялъул гIиял квас; **~ый плато́к** меринос квасул гьабураб кIаз

МЕ́РИТЬ *несов.* 1) *кого-что* борцине; **~ температу́ру** хинлъи-цIорой борцине 2) *что (примерять)* ретIел ретIун бала-гьизе, рекъолищали балагьизе; **~ ту́фли** туфлаби рекъолищали балагьизе ◊ **~ на свой арши́ н** *лъиениги, сундуениги* къимат жиндирго роцадалъун кьезе, жиндирго роцада ворцине

МЕ́РИТЬСЯ *несов. чем с кем сундулниги рахъалъ* цоцазда данде кквезе; живго *лъидениги, сунденигu* данде кквезе, хIал бихьизе; **~ си́лами друг с дру́гом** цоцазул къуваталъул хIал бихьизе, борцине

МЕ́РК//А *ж* роцен; **снять ~у** борцине, роцен бахъизе; **сшить по ~е** роцада рекъон букъизе

МЕРКАНТИ́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое (*своекорыстный*) кинабго жоялъухъ жиндиего щолеб пайда-хайиралдасан валагьулев; гIиси-бикьинаб жоялъулги бицунев (*чи*)

МЕ́РКН//УТЬ *несов.* 1) (*тускнеть*) цIваки́ , гвангъи́ хвезе, свине; **звёзды ~ут** цIваби тIерхьунел (сунел) руго 2) *перен.* **~ет сла́ва** цIар, машгьурлъи сунеб (лъугIулеб) буго

МЕРЛУ́ ШКА *ж* кьагIрил тахта, элтир

МЕРЛУ́ ШКОВЫЙ, -ая, -ое кьагIрил тахтадул гьабураб

МЕ́РН//ЫЙ, -ая, -ое (*ритмичный*) цокIалаб, дурусаб; **идти́ ~ым ша́гом** цо ккураб хIатIил росиялда ине

МЕРОПРИЯ́ТИ//Е *с* тадбир, лъугьа-рихьи; (*цо мухIканаб мурад тIубазе гьабулеб цо яги чанго иш, тадбир*); **проводи́ ть ~я** тадбирал гьаризе

МЕ́РТВЕНН//ЫЙ, -ая, -ое хвараб гIадаб, чIаголъи гьечIеб; хварасул гIадаб; **~ая бле́дность лица́** хварав чиясул гIадаб гьурма́л кьертIей

МЕРТВЕ́//ТЬ *несов.* 1) хвезе; чIаголъи тIагIине; **па́льцы ~ют от хо́лода** квачан килщал тIилгIалел руго 2) (*цепенеть*) цIоро-гьорозе; **~ть от стра́ха** хIинкъиялъ цIоро-гьорон хутIизе, рухI босун ине

МЕРТВЕ́Ц *м* хварав чи, жаназа

МЕРТВЕ́ЦКИ *нареч. разг.*: **~ пьян** гIакълуялдаса, лъавудаса ун, мехтун вуго; сунтI лъугьун, мехтун вуго

МЕРТВЕ́ЧИНА *ж* 1) *собир. (балкан)* капурго хвараб хIайваналъул къаркъала, гьан 2) *перен. разг.* гIакълуялъул, гIамал-хасиятальул чIаголъи гьечIолъи; чIагого хварав

МЕРТВОРОЖДЁННЫЙ, -ая, -ое: **~ ребёнок** хварабго гьабураб, гьабулаго хвараб лъимер

МЁРТВ//ЫЙ, -ая, -ое 1) хвараб; **~ый челове́к** хварав чи 2) *перен.* хварав чи гIадав, чIаголъи гьечIев; **~ые у́лицы** чIорогоял, гIадамал гьечIел, сас гьечIел къватIал 3) *в знач. сущ.* **~ый** *м,* **~ая** *ж* хварав; хварай ◊ **~ый капита́л** пайда-хайир кьолареб хазина, бечелъи; **~ый язы́к** жиндалъун гIадамал кIалъалареб, хъвай-хъвагIаялъул памятниказдасан жиб лъалеб некIсияб мацI; **спать ~ым сном** цIакъ гъваридго, ворчIичIого кьижизе (хварав чи гIадин, кьижизе)

МЕРЦА́НИЕ *с* (*по гл.* **мерца́ть**) паркъей, кенчIей

МЕРЦА́//ТЬ *несов.* загIипаб канлъиялдалъун кенчIезе; **звёзды ~ют** (*зодор*) цIваби паркъолел руго (кунчIун-сун руго)

МЕ́СИВО *с (полужидкая смесь чего-л.)* хамур, лъамаго буцараб жо 2) (*корм для скота*) жубанжо (*гIатI, тIахьди, чIар ва гь. ц. жубан, боцIуе хIадурараб*)

МЕСИ́ ТЬ *несов. что* буцизе, кIкIвазе; **~ гли́ ну** хIатI буцизе ◊ **~ грязь** хIарщулъан ине, хIарщул цIураб нухдасан ине, хIарщги мерхьунаго ине

МЕСТА́МИ *нареч.* бакI-бакIалда, цо-цо бакIалда

МЕСТЕ́ЧКО[1] *с уменьш. от* **ме́сто:** ◊ **тёплое ~** цIикIкIун пайда бугеб хъулухъ

МЕСТЕ́ЧКО[2] *с (селение)* шагьаралъул тайпаялъул кIудияб росу (*Украинаялда, Белоруссиялда*)

МЕСТИ́ *несов.* 1) *что* лъухьизе; **~ пол** рукъ лъухьизе 2) *что (развевать*) добе-гьанибе бачине; лъухъазе; **ве́тер метёт пыль** гьороца хIур лъухъалеб буго 3) *безл.*: **метёт** *(о метели)* щущазабулеб, хъамулеб буго (*бураналъ*)

МЕСТКО́М *м* (местный комитет) местком (бакIалъулаб комитет)

МЕ́СТНОСТ//Ь *ж* 1) бакI; **гори́стая ~ь** мугIрузулаб бакI (ракь) 2) (*район, край*) бакI, район, край; **жи́ тели се́льских ~ей** росабазул гIадамал (росабалъа гIадамал)

МЕ́СТН//ЫЙ, -ая, -ое 1) бакIалъулаб; **~ое населе́ние** бакIалъулал (*цо бакIалда гIумру гьабулел*) гIадамал; **~ое сырьё** бакIалъулаб сырьё, гъарси; **вы́боры в ~ые сове́ты** бакIалъулал советазде рищиял 2) (*не общий*) кибго гуреб, цо бакIалда бугеб **~ое поврежде́ние телефо́нной сети** цо бакIалдаса телефоналъул мухъ жагъаллъи ◊ **~ый паде́ж** *грам.* бакIалъул падеж

МЕ́СТ//О *с* 1) бакI; **рабо́чее ~о** хIалтIулеб бакI; **в вагóне нет свобóдных ~** вагоналъур эркенал бакIал гьечIо 2) (*местность*) бакI; **краси́ вые ~á** берцинал бакIал 3) (*должность*) хъулухъ; **его́ назна́чили на хоро́шее ~о** гъов лъикIаб хIалтIуде (хъулухъалде) тIамун вуго ◊ **больно́е ~о** унтараб бакI (*бицен гьабизе бокьулареб, захIматаб суал*); **знать своё ~о** жиндирго хъулухъалда, бакIалда рекъон хьвадизе лъазе; **себе́ ~а не наго́дит** (*гъов*) щиб гьабилебали лъаларо вуго (цIакъ рахIат хун вуго); **пусто́е ~о** (*о человеке*) жиндие мустахIикъаб гуреб бакIалда вугев чи; лъицаго рикIкIунарев чи (*къимат гьечIев чиясул хIакъалъулъ*)

МЕСТОЖИ́ ТЕЛЬСТВО *с* гIумру гьабулеб бакI

МЕСТОИМЕ́НИЕ *с грам.* цIарубакI; **ли́ чное ~** гьумералъул цIарубакI

МЕСТОНАХОЖДЕ́НИЕ *с щивниги* (*щибниги*) вугеб бакI

МЕСТОПРЕБЫВА́НИЕ *с щивниги* рещтIараб бакI

МЕСТОРОЖДЕ́НИ//Е *с* 1) (*место рождения*) гьавураб бакI 2) *мн.* **~я** *геол.* магIданал ругел бакIал; **~я ка́менного угля** ганчIил тIурччи бугеб бакI

МЕСТЬ *ж* къисас, рецIел ◊ **кро́вная ~** бидул къисас (рецIел) (*боси*), бидухъ би

МЕ́СЯЦ *м* 1) моцI; **март ~** март моцI; **про́шлый ~** араб моцI; **будущий ~** бачIунеб, тIасияб моцI 2) (*луна*) моцI; **~ ско́ро взойдёт** моцI кватIичIого баккила ◊ **медо́вый ~** ригьналъул) тIоцебесеб моцI

МЕСЯЦА́МИ *нареч.* моцIаз, чанго моцIалъ

МЕ́СЯЧНИК *м* месячник (*кинаб букIаниги гIаммаб иш тIобитIизе чIезабураб моцIил болжал*)

МЕ́СЯЧН//ЫЙ, -ая, -ое моцIрол(аб); **~ый о́тпуск** моцIрол отпуск; **~ая зарпла́та** моцIрол харж

МЕТАЛЛ *м* металл; **благоро́дные ~ы** къиматал металлал (*месед. гIарац*); **чёрные ~ы** чIегIерал металлал (*махх, хъазан*); **лёгкие ~ы** тIадагьал металлал

МЕТАЛЛИ́ ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое (*из металла*) металлалъул, металлалъул гьабураб; **~ая посу́да** металлалъул цIарагI; **~ие де́ньги** металлалъул (гьабураб) гIарац

МЕТАЛЛОЛО́М *м* гьурараб металл

МЕТАЛЛООБРАБА́ТЫВАЮЩ//ИЙ, -ая, -ее металл къачIалеб; **~ая промы́ шленность** металл къачIалеб, *гьелъул* тIагIелал гьарулеб промышленность

МЕТАЛЛУ́ РГ *м* металлург (*металлургиялъул специалист*)

МЕТАЛЛУРГИ́ ЧЕСКИЙ, -ая, -ое: **~ зово́д** металлургиялъул завод

МЕТАЛЛУ́ РГИЯ *ж* металлургия (*магIданалдасан металл бахъулеб, гьеб къачIалеб промышленность*); **чёрная ~** чIегIераб металлургия (махх, хъазан, чаран гьабулеб промышленность)

МЕТА́Н *м* метан (*хим. газ*)

МЕТА́НИЕ *с* 1) (*по гл.* **мета́ть**) хьвагIун рехи (*диск*); лъеналъ рехи (*рагIи-хер*); тIами (*можоро*); биччай (*икра*) 2) (*по гл.* **мета́ться**) рихха-хочи (*смятение*); гIадлу гьечIеб рагъа-рачари (*суетливые движения*)

МЕТАСТА́З *м мед.* метастаз (*унти цогидал лугбузулъе кьей*)

МЕТА́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое рехулеб; **~ снаря́д** рехулеб (*спорталъул*) снаряд (*ядро, диск, чIор*)

МЕТА́ТЬ[1] *несов. что* 1) *спорт.* рехизе; **~ диск** диск рехизе 2) (*скирдовать*) лъезе; **~ се́но** ххер лъезе, гIархъиде рехизе; 3) тIамизе; **~ жре́бий** можоро тIамизе 4) биччазе; **~ икру́** икра биччазе ◊ **рвать и ~** щцидалъ вукIине, кутакалда ццин бахъине

МЕТА́ТЬ[2] *несов. что (сметывать, прошивать*) чIахIаквар чIвазе, базе; **~ ю́бку** юбка, чIахIаквар чIван, букъизе; **~ пе́тли** кIичIал сверун гIисинаб кьегI гьабизе

МЕТА́ТЬСЯ *несов.* 1) чIучIадахъдизе, тIирщадизе; **~ во сне** макьилъ чIучIадахъдизе 2) (*суетиться*) гIедегIахъдизе, рахIат хун лъугьине; **~ по ко́мнате** рокъов рахIат хун дове-гьаниве вилълъине

МЕТАФИ́ ЗИКА *м* метафизика (*диалектикаялъе гIаксаб сверун бугеб дунял лъазабулеб къагIида*)

МЕТАФИЗИ́ ЧЕСКИЙ, -ая, -ое метафизикияб

МЕТА́ФОРА *ж лит.* метафора (*релълъенлъиялъул, дандекквеялъул кьучIалда хъвалсараб магIнаялда хIалтIизабураб рагIи яги рагIабазул гIуцIи*)

МЕТЁЛКА *ж* 1) (*метла*) жул 2) *бот.* жулалда релълъараб тIегь; **~ овсы́** нехадул тIегь; **~ камыша́** муцIидул тIегь (бутIуцIин)

МЕТЕ́ЛЬ *ж* гIазугун гьури, гIазул буран

МЕТЕО́Р *м* метеор (*гьавадул тIасияб гъаталда метеоритаз лъугьинабулеб гвангъараб кунчIи*)

МЕТЕОРИ́Т *м* метеорит (*зодосан бортулеб гамачI, зодил гьецIо*)

МЕТЕОРО́ЛОГ *м* метеоролог (*метеорологиялъул специалист*)

МЕТЕОРОЛОГИ́ ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое метеорологиялъул; **~ая ста́нция** метеорологиялъул станция

МЕТЕОРОЛО́ГИЯ *ж* метеорология (1) *гьаваялъул, гьелъул гIуцIиялъул, хасиятазул, гьенир кколел хIисабазул хIакъалъулъ гIелму*; 2) *гьава-бакъалъул, гьеб цебеккун бициналъул гIелму*)

МЕТИ́ Л *м хим.* метил

МЕТИ́ С *м* метис (*кIиго батIияб тайпа жубаялдалъун лъугьараб наслу (хIайван, гъветI-хер); инсаниятalъул батIи-батIиял расабазул гIадамал (вакилзаби) цолъун, лъугьараб наслу*)

МЕ́ТИТЬ[1] *несов. кого-что (ставить метку*) гIуж базе, ишара гьабизе; **~ бельё** (*чуризе кьолеб*) гъоркьан ратIлида ишара гьабизе; **~ ове́ц** гIияда гIуж базе

МЕ́ТИТЬ[2] *несов.* 1) *в кого, во что (целиться)* ишан кквезе; гIужие босизе; **~ в зве́ря** жанаваралде ишан кквезе 2) *разг. (стремиться) лъиденити, сунденити* къасд гьабизе, *сунденити бугеб* мурад загьир гьабизе

МЕ́ТИТЬСЯ *несов. в кого, во что (целиться)* гIужде ишан босизе, кквезе

МЕ́ТКА *ж (знак)* гIуж; ишара; **~ на бельё** гъоркьан ратIлида гьабураб ишара

МЕ́ТК//ИЙ, -ая, -ое 1) гIужилаб; **~ий уда́р** гIужилаб кьаби; **~ий стрело́к** гIужилав кьвагьдохъан 2) *перен.:* **~ое наблюде́ние** бегIераб, битIараб, мухIканаб халкквей

МЕ́ТКОСТЬ *ж* гIужиллъи; **~ стрелка́** кьвагьдохъанасул гIужиллъи

МЕТЛ//А́ *ж* жул; **подмета́ть двор ~о́й** азбар жулица лъухьизе ◊ **но́вая ~á чи́ сто метёт** цIияб жулица бацIцIадго лъухьула (*цIияв, куталда тIаделъун хIалтIулев хIакимасул хIакъалъулъ*)

МЕТНУ́ ТЬ *однокр. к* **мета́ть**[1]

МЕТНУ́ ТЬСЯ *однокр. к* **мета́ться**

МЕ́ТОД *м* къагIида, куц (*тIабигIаталъул, халкъалъул гIумру лъазабулеб къагIида*); **~ обуче́ния** цIализариялъул къагIида

МЕТО́ДИКА *ж* методика (*кинаб букIаниги иш тIубазабиялъул данде росарал къагIидаби*)

МЕТОДИ́СТ *м* методист (*хасаб предмет малъиялъул методикаялъул специалист*)

МЕТОДИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое 1) методикияб, методикаялъулаб; **~ кабине́т** методикияб кабинет 2) (*последовательный*) тартиб бугеб, планалда рекъон гьабулеб

МЕТОДИ́ЧНЫЙ, -ая, -ое *см.* **методи́ческий 2**

МЕТР[1] *м* метр; **квадра́тный ~** квадратияб метр

МЕТР[2] *м лит.* кочIол роцен

МЕТРА́Ж *м* метраж (1 *метрабазул роценалда сундулниги халатъи*; 2 *квадратиял метрабазул роценалда рукъ-бакIалъул гIатIилъи*)

МЕТРДОТЕ́ЛЬ *м* метрдотель (*ресторанала бетIерав официант*)

МЕ́ТРИКА[1] *ж лит.* метрика (*кочIол ва гьелъул роценазул хIакъалъулъ гIелму*)

МЕ́ТРИКА[2] *ж (свидетельство о рождении)* метрика (*гьавураб къо-моцI бихьизабураб кагъат*)

МЕТРИ́ЧЕСК//ИЙ[1], -ая, -ое: **~ая систе́ма мер** килограммазулгун метрабазул роцадул гIуцIи

МЕТРИ́ЧЕСК//ИЙ[2], -ая, -ое: **~ая кни́га** метрикиял хъвай-хъвагIаял гьарулеб тIехь

МЕТРО́ *с нескл.* метро (*ракьалда гъоркьан лъураб шагьаралъул электрикалъул маххул нух*)

МЕТРО́В//ЫЙ, -ая, -ое метр халалъи бугеб; **~ая доска́** метр халалъиялда бугеб хъарщи

МЕТРОПОЛИТЕ́Н *м* метрополитен (метро)

МЕТРОПО́ЛИЯ *ж* метрополия (*жиндир колониял ругеб капиталистияб пачалихъ*)

МЕТУ́ , метёшь *и т. д. наст. от* **мести́**

МЕХ[1] *м* 1) (*шерсть*) квас; **~ за́йца** гIанкIил квас 2) (*выделанная шкура*) къачIараб, лъугьараб къехь, элтир, тахта, цIоко 3) (*для вина*) рахълъен, къвачIа

МЕХ[2] *м см.* **мехи́**

МЕХАНИЗА́ТОР *м* механизатор

МЕХАНИЗА́ЦИЯ *ж* механизмабаздалъун хьезаби (*хIалтIи машинабаздалъун ва механизмабаздалъун гьаби; кверзул захIматалъул алатал тIуранго яги цо бутIаялъ машинабаздалъун ва механизмабаздалъун хиси*)

МЕХАНИЗИ́РОВАННЫЙ, -ая, -ое механизмабаздалъун хьезабураб

МЕХАНИЗИ́РОВАТЬ *сов. и несов. что* механизмабаздалъун хьезабизе

МЕХАНИ́ЗМ *м* 1) механизм (*машина, прибор, аппарат ва гь.ц. хIалтIизабулеб гьезул жанисеб гIуцIи*); **часово́й ~** сагIтил механизм 2) *перен. (система)* жанисеб гIуцIи; **госуда́рственный ~** пачалихъалъул жанисеб гIуцIи; **~ мышле́ния** пикру гьабиялъул къагIида

МЕХА́НИК *м* механик (*механизмаби хIалтIизарулев чи*)

МЕХА́НИКА *ж* 1) механика (*эркенаб бакIалда багъарулеб жоялъул ва гьезул гьоркьоблъиялъул бицунеб гIелму*) 2) *перен. разг.* механика (*бахчараб гIемераб гIала-гъважа бугеб гIуцIи*); **хи́трая ~** нахъгIунтIизе захIматаб механика

МЕХАНИ́ЧЕСКИ *нареч.* механикияб куцалъ (*гIакълуялдалъун гуреб, ургьичIого щибниги гьаби*); **~ вы́ учить** *что-л. щибни* бетIер хIалтIизабичIого тIазабизе

МЕХАНИ́ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое 1) механикияб, механизмабаз хIалтIизабулеб; **~ая пила́** механикияб хъухъадиро; **~ая мастерска́я** механикияб мастерская 2) (*машинальный*) бетIер хIалтIизабичIого, квераз гьабулеб; **~ие движе́ния** бетIер хIалтIичIого гьарулел рагъа-рачариял

МЕХИ́ *мн.* (*ед.* **мех**[2] *м*) перелаби

МЕХОВ//О́Й, -ая, -ое цIакил, къохьол, тахтадул, гишил; **~а́я шу́ба** къохьол хъабарча; **~ой магази́н** цIоко-къехьалъул тукен

МЕЦЕНА́Т *м* меценат (*гIелмуялъул, искусствоялъул тIалабагъаз гьабулев бечедав чи*)

МЕ́ЦЦО-СОПРА́НО *с* кечI ахIулел руччабазул гьоркьохъеб борхалъиялъул гьаракь

МЕЧ *м* кIалден (*кIибалаб гIебаб хвалчен*)

МЕ́ЧЕН//ЫЙ, -ая, -ое гIуж бараб; **~ое бельё** *жинда* ишара гьабураб гьоркьанретIел ◊ **~ые а́томы** хIисабалде росарал атомал (*цогидаздаса жидерго радиактивносталдалъун яги тIиритIиялдалъун ратIалъулел атомал*)

МЕЧЕ́ТЬ *ж* мажгит (масжид)

МЕЧТА́ *ж* **1.** 1) анищалдалъун, пикруядалъун цебе чIезабураб сурат; **несбы́точная ~** мурадалде щолареб анищ 2) (*желание*) мурад; **его́ ~ сбылась** гъосул мурад тIубана **2**. *в знач. сказ. разг.*: **моя́ ~ – пое́хать в Москву́** дир анищ – Москваялде щвей (ин) (дир мурад буго Москваялде ине)

МЕЧТА́НИЕ *с* (*по гл.* **мечта́ть**) анищал, хиялал гьари

МЕЧТА́ТЕЛЬ *м* анищал, хиялал гьаризе бокьулев чи

МЕЧТА́ТЕЛЬНОСТЬ *ж* анищал, хиялал гьаризе бокьи

МЕЧТА́ТЬ *несов.* анищал гьаризе, хиялал гьаризе

МЕ́ЧУ, ме́тишь и *т. д. наст. от* **ме́тить**[1,2]

МЕ́ЧУ, ме́чешь *и т. д. наст. от* **мета́ть**[1,2]

МЕ́ЧУСЬ, ме́тишься *и т. д. наст. от* **ме́титься**

МЕЧУ́СЬ, ме́чешься *и т. д. наст. от* **мета́ться**

МЕША́ЛКА *ж* багъаро; хIиччибагъар (*жиндалъун щибниги багъарулеб, жубазабулеб тIагIел*)

МЕШАНИ́НА *ж разг.* батIи-батIиял жалазул жуба-гъубай, жубанжо

МЕША́//ТЬ[1] *несов. кому-чему и с неопр. Сундуениги лъиениги* квалквал гьабизе; **~ть рабо́тать** хIалтIуе квалквал гьабизе; **шум ~ет слу́шать** хъуялъ квалквал гьабула гIенеккизе ◊ **не ~ет, не ~ло бы** квеш букIинаро; квалквал гьабиларoан

МЕША́ТЬ[2] *несов.* 1) *что (помешивать)* багъаризе; **~ чай ло́жечкой** балхъица чай багъаризе 2) *что (смешивать)* жубазабизе; **~ гли́ну с песко́м** хIатIги салиги жубазабизе 3) *кого-что разг. (путать) цо жо цогиялдаса* батIа гьабизе лъангутIизе

МЕША́ТЬСЯ[1] *несов. разг.* 1) (*быть помехой*) квалквалълъун лъугьине 2) (*вмешиваться*) гьоркьове лъугьине; **~ не в своё де́ло** жиндир гуреб ишалда гьоркьове лъугьине

МЕША́//ТЬСЯ[2] *несов.* 1) (*смешиваться*) *щибгуниги* жубазе, цолъизе 2) (*путаться*) цоцалъ журазе; **мы́сли ~лись в его́ голове́** гьесул ботIролъ пикраби цоцалъ журалел рукIана

МЕ́ШКАТЬ *несов. разг.* хадуб бахъерхъизабизе, гIедегIунгутIизе, нахътIамун тезе; кватIизе; **~ с отъе́здом** нухда рахъине гIедегIунгутIизе

МЕШКОВА́ТЫЙ, -ая, -ое 1) (*об одежде*) цIакъ гIатIидаб, хъап гIадаб (*ратIлил хIакъалъулъ*), дал-даларab; **~ костю́м** цIакъ гIатIидаб, хвалта гIадаб костюм 2) *перен. (неуклюжий)* сурукъаб, хIанкIвара гIадаб

МЕШКОВИ́НА *ж* тургьби, къандалъаби, хъапал гьарулеб ххам

МЕШ//О́К *м* хъап, къандалъо, таргьа, къвачIа (*кожаный*) ◊ **костю́м сиди́т на нём ~ком** гъосда костюм хъап гIадин буго; **~ки́ под глаза́ми** беразда гьоркь къучIби (*лъугьун руго*)

МЕШО́ЧЕК *м уменьш. от* **мешо́к**

МЕШУ́ , мёсишь *и т. д. от* **меси́ть**

МЕЩАНИ́Н *м* 1) мещанин 2) *перен. (обыватель*) жиндирго напсалъул гурони, ургъел гьечIев, гIиси-бикъинал мурадазул чи

МЕЩА́НКА *м* мещанка

МЕЩА́НСК//ИЙ, -ая, -ое 1) мещаназул, мещанасулаб; **~ое сосло́вие** мещаназул кьер, тайпа 2) *перен.* къабихIаб, жиндирго напсалъул гурони, ургъел гьечIеб, гIиси-бикъинал мурадазул

МЕЩА́НСТВО *с* 1) (*сословие*) мещанал (*революциялда цебесеб Россиялда шагьаразда ричарухъабазул, устарзабазул, гIисинал хъулухъчагIазул кьерал*) 2) (*обывательщина*) мещанинасул пикраби, гIамал-хасият

МИ *с нескл. муз.* ми (*нота*)

МИГ *м* лахIзат, пара́ ◊ **в оди́н ~** цо параялда, цIакъ хехго; **в то́т же ~** гьебго лахIзаталда

МИГА́//ТЬ *несов.* 1) берал къапезаризе 2) *кому (подавать знак*) къинкIун ишан гьабизе 3) (*мерцать*) паркъезе; **огонёк ~ет** цIа паркъолеб буго

МИГНУ́ ТЬ *однокр. к* **мига́ть**

МИ́ГОМ *нареч. разг.* цIакъ хехго, цо параялда

МИГРА́ЦИЯ *ж* гочин (*халкъал жидерго улкаялда жанир яги, гьелъул гIорхъаби рахун, къватIире гочин*)

МИГРЕ́НЬ *ж мед.* ботIрол унти (*гIадалнах гьорой*)

МИГРИ́РОВАТЬ *несов. (цо бакIалдаса цогидалде*) гочине

МИ́ЗЕРН//ЫЙ, -ая, -ое цIакъ дагьаб, гьитIинаб, мукъсанаб; **~ая пла́та** цIакъ дагьаб харж-мухь

МИЗИ́НЕЦ *м* гьитIинкилищ

МИКРОАВТО́БУС *м* гьитIинаб автобус

МИКРО́Б *м* микроб

МИКРОБИОЛО́ГИЯ *ж* микробиология (*микроорганизмаби лъазарулеб биологиялъул бутIа*)

МИКРОКЛИ́МАТ *м* 1) микроклимат (*цо бакIалъул гьавабакъалъул хаслъи*) 2) чIезабураб хинлъи-цIорой 3) рукIа-рахъин, ахIвал-хIал

МИКРОМИ́Р *м* микромир (*частицабазул дунял, заррабазул дуниял*)

МИКРО́Н *м* микрон (*метралъул миллионияб бутIа*)

МИКРООРГАНИ´ ЗМ *м* микроорганизм (*бералда бихьулареб организм*)

МИКРОПО́РИСТ//ЫЙ, -ая, -ое цIакъ гIисинал картIал ругеб; **~ая подо́шва** гIисинал картIал ругеб тIикъва

МИКРОРАЙО́Н *м* микрорайон (*район жинде бикьулеб бищун гьитIинаб бутIа*)

МИКРОСКО́П *м* микроскоп

МИКРОСКОПИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое 1) микроскопалъул кумекалдалъун гьабулеб; **~ ана́лиз** микроскопалъ гьабураб анализ 2) (*видимый только в микроскоп*) микроскопалъ гурони бихьуларе 3) *перен.* цIакъ гьитIинаб

МИКРОСХЕ́М//А *ж* микросхема (*полупроводниказул кристаллалда бугеб электронияб схема*)

МИКРОФО́Н *м* микрофон; **у ~а** микрофоналда цеве

МИ´ КСЕР *м* миксер (*цIоморал гьекъолел жал хехго журазаризе, кремал, коктейлал гьаризе хIалтIизабулеб электрикалъул прибор, алат*)

МИКСТУ´ РА *ж* микстура (*чанго батIияб жо жубан гьабураб лъамияб дару*)

МИ´ ЛЕНЬКИЙ, -ая, -ое *разг.* 1) (*хорошенький*) лъикIав, ракIалъ восулев 2) (*любимый*) хирияв, вокьулев

МИЛИТАРИЗА́ЦИЯ *ж* милитаризация (*империалистиял пачалихъазул магIишатияб, политикияб ва жамгIияб гIумру чияр ракьал рахъиялъул рагъулал мурадазе мутIигI гьаби*)

МИЛИТАРИЗОВА́ТЬ *сов. и несов. что* милитаризация гьабизе

МИЛИТАРИ́ЗМ *м* милитаризм (*империализмалъулал пачалихъаз тIобитIулеб яргъид хьезариялъул ва рагъде хIадур-лъиялъул, капиталистиял улкабазда рагъул рахъ кколез ханлъи гьабиялъул нахъегIанаб политика*)

МИЛИТАРИ´ СТ *м* милитарист (*жиндица милитаризмалъул политика билъалъанхъизабулев чи*)

МИЛИТАРИСТИ́ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое милитаризмалъулаб, милитаристияб; **~ая поли´ тика** милитаристияб политика

МИЛИЦЕ́ЙСК//ИЙ, -ая, -ое милициялъул(аб); **~ая фо́рма** милициялъул форма

МИЛИЦИОНЕ́Р *м* милица, милиционер

МИЛИ´ ЦИЯ *ж* милиция

МИЛЛИА́РД *м* 1) миллиард (*азарго миллион*) 2) *мн.* **~ы** (*цIакъ кIудияб къадар*) миллиардал; **~ы звёзд** миллиардал цIваби (цIвабзазул миллиардал)

МИЛЛИАРДЕ́Р *м* миллиардер (*жиндир бечелъи гIарцул къиматалда миллиардалде бахунев чи*)

МИЛЛИА́РДН//ЫЙ, -ая, -ое (*оцениваемый миллиардами*) миллиардазул багьояб; **~ые расхо́ды** миллиардазул (миллиардал) харжал

МИЛЛИГРА́ММ *м* миллиграмм (*граммалъул азарил бутIа*)

МИЛЛИМЕ́ТР *м* миллиметр (*метралъул азарил бутIа*)

МИЛЛИО́Н *м* 1) милллион (*азарцIул азарго*) 2) *мн.* **~ы** (*множество*) миллионал; **~ы люде́й** миллионал гIадамал

МИЛЛИОНЕ́Р *м* миллионер (жиндир бечелъи гIарцул къиматалда миллионалде бахунев чи) ◊ **колхо́з – ~** колхоз–миллионер; **лётчик – ~** лётчик – миллионер (*миллион яги цIи-кIкIун километралъ воржарав летчик*)

МИЛЛИО́НН//ЫЙ, -ая, -ое (*оцениваемый в миллионы*) миллионазул багьояб; **~ый го́род** миллион халкъ бугеб шагьар

МИЛОВИ´ ДН//ЫЙ, -ая, -ое берцинаб сипаталъул; **~ое лицо́** берцинаб гьумер; **~ый человек** лъикIаб, бокьулеб сипаталъул инсан

МИЛОСЕ́РДИ//Е *с* грухIел-рахIму; гурхIел-рахIмуялъул кумек ◊ **сестра́ ~я** *уст.* медицинаялъул сестра

МИЛОСЕ́РДНЫЙ, -ая, -ое гурхIел-рахIму бугев, цIоб бугев

МИ´ ЛОСТИВЫЙ, -ая, -ое *уст.* гурхIел бугев, гурхIел гьабулев

МИ´ ЛОСТЫНЯ *ж* садакъа, хайрат (*хварав чиясдаса кьолеб*)

МИ´ ЛОСТ//Ь *ж* 1) (*доверие, расположение*) божилъи, ргIи рекъей 2) (*пощада, помилование*) гурхIел, рахIму гьаби 3) (*благодеяние*) лъикIлъи, сахаватлъи ◊ **~и про́сим** (*хIурматалда, хIеренго щибниги гьабизе ахIулелъул*): гьарула, вачIа…; **смени´ть гнев на ~ь** щидадаса инкар гьабизе; **быть в ~и** *у кого-л.* лъилниги гурхIел-цIобалда вукIине

МИ́ЛОЧКА *ж разг.* лъикIай, берцинай чIужугIадан, яс гIадан, гьитIинай яс

МИ´ Л//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*приятный, хороший*) лъикIав, ракIалъ восулев; **~ый челове́к** лъикIав чи; **~ый друг** рекIелав гьудул 2) *в знач. сущ.* **~ый** *м,* **~ая** *ж* лъикIав; рекIелав; лъикIай; рекIелай

МИ́ЛЯ *ж* миля (*батIи-батIиял пачалихъазда нух борцунеб роцен*); **морска́я** ~ ралъдал миля (1852 м); **географи´ческая ~** – 7420 м

МИ´ МИКА *ж* берал-кIалал гьари; гьурмадасан жиндир бугеб хIал бихьизаби

МИ´ МО *нареч. и предлог с род. п.* аскIосан; **маши´на промча́лась** ~ машина аскIосан боржун ана; **он прошёл ~ меня´** гъов дида аскIосан ана; **стреля´ ть ~ це́ли** гIужда аскIоб речIчIизе (гулла аскIосан ине)

МИМО́ЗА *ж бот.* мимоза (*ргIарарал улкабазда рижулел, квер хъвайгун, тIамах гурун унел гъутIби, хъархъал*)

МИМОЛЕ́ТН//ЫЙ, -ая, -ое лъалхъичIого хехго аскIосан (боржун) унеб; **~ое впечатле́ние,** хехго лъугIулеб асар**,** хехго цебеса унеб сурат; **~ый взгляд** хехаб балагьи; **~ое знако́мство** хехаб (къокъаб) лъай-хъвай

МИМОХО́ДОМ *нареч.* 1) (*по пути*) нухасан, нухда унаго; **~ зайти´ к това́рищу** нухасан гьалмагъасухъе щвезе 2) *разг. (между прочим)* цо рахъалъ, бакI ккун букIаго, абуни

МИ́Н//А[1] *ж воен.* мина ◊ **подло́жить ~у** *кому-л.* балъгоял ишаздалъун *лъилниги* къадру хвезабизе

МИ́Н//А[2] *ж* (*гьурмал сипат*) гьурмал сипаталдалъун рекIел хIал ргьи; **сде́лать недово́льную ~у** разилъи гьечIеб куц-бегI гьабизе, гьумер букIкIинабизе; къварилъи-пашманлъи хIалица гьабураб гьимиялъ бахчизе

МИНАРЕ́Т *м* минара

МИНДАЛЕВИ́ДНЫЙ, -ая, -ое миндалалъул цIулакьоялда релъгьараб

МИНДА́ЛИНА *ж* 1) (*орех*) миндалалъул цIулакьодул ракI 2) *анат.* миндалина (*щокъроб бугеб миндалалда релъгьараб цIецI)*

МИНДА́ЛЬ *м* миндаль (1 *югалда бижулеб багIараб тIегьалъул гъвеmI;* 2 *гьеб гъотIол цIулакьоялда релъгьараб пихъ - миндалалъул цIулакьо*)

МИНДА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое миндалалъул; **~ые оре́хи** миндалалъул цIулакьо; **~ое пече́нье** миндалалъул цIулакьо жубараб печенье

МИНЕРА́Л *м* минерал (*ракьулъ рукIунел тIабигIиял жал*)

МИНЕРАЛО́ГИЯ *ж* минералогия (*минералазул хIакъалъулъ гIелму*)

МИНЕРА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое минералияб, минералал гьорлъ ругеб; **~ый исто́чник** минералияб ицц; **~ая вода́** минералияб лъим

МИ́НИ *неизм.* 1) *прил.* цIакъго къокъаб 2) *сущ. ср.* къокъаб жо (гурде, пальто); **носи´ть ~** мини ретIизе

МИНИАТЮ́Р//А *ж* гьитIинаб (гьитIин гьабун бахъараб) берцинаб сурат; цIакъ гьитIинаб музыкалияб яги адабияталъул асар ◊ **в ~е** гьитIин гьабун, гьитIинаб роценалда

МИНИАТЮ´ РНЫЙ, -ая, -ое 1) миниатюрияб, гьитIин гьабураб берцинаб *(сурат)* 2) *перен. (изящный, маленький*) гьайбатаб, берцинаб, гьитIинаб; **~ сто́лик** гьитIинаб берцинаб стол

МИНИМА́ЛЬНО *нареч.* бищун дагь, дагьалдасан

МИНИМА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое бищун дагьаб, бищун гьитIинаб; **~ое вре́мя** бищун дагьаб заман; **~ое расстоя́ние** бищун къокъаб манзил

МИ́НИМУМ *м* 1) бищун дагьаб къадар; **сократи́ть расхо́ды до ~а** бищун дагьаб къадаралде щвезегIан харжал дагь гьаризе 2) (*совокупность знаний и т.п.*) *сундуениги* хIажатаб лъай яги тадбирал; **техни́ческий** ~ техникаялъул рахъалъ букIине кколеб лъай; **кандида́тский** ~ кандидатлъиялъул минимум 3) *в знач. нареч.* бищун дагьалдасан; **э́то сто́ит ~ пять рубле́й** бищун дагьалдасан гьелъул багьа буго щуго гъурущ ◊ **прожи́ точный** ~ бе-тIербахъиялъе хIажалъулеб бищун дагьаб къадар (*гIарцул ва гь.ц.*)

МИНИ́РОВАТЬ *сов. и несов. что воен.* минаби лъезе

МИНИСТЕ́РСКИЙ, -ая, -ое министрасул, министерствоялъул

МИНИСТЕ́РСТВО *с* министерство; **~ иностра́нных дел** къватIисел пачалихъазулгунисел ишазул министерство; **~ здравоохране́ния** сахлъи цIуниялъул министерство; **~ вы́сшего образова́ния** тIадегIанаб лъай кьеялъул министерство

МИНИ́СТР *м* министр (*министерствоялъе бетIерлъи гьабулев хIукуматалъул член*)

МИ́НН//ЫЙ, -ая, -ое *воен.* минабазул, мина лъураб; **~ое заражде́ние** ми́набаз къараб бакI ◊ **~ое по́ле** минаби лъураб бакI, ракь

МИНОВА́//ТЬ 1) *сов. и несов. кого-что (проехать, пройти мимо)*… щвечIого ине; **~ть дере́вню** росулъе щвечIого, ине 2) *сов. что с отриц. (избежать)* рорчIизе, хутIизе; **не ~ть нам вы́говора** нилъ выговоралдаса рорчIиларо 3) *сов. (окончиться*) лъугIизе, тIубазе; **ле́то ~ло** рии лъугIана; **опа́сность ~ла** хIинкъи-ялдаса рорчIана

МИНОИСКА́ТЕЛЬ *м воен.* минаби ралагьулеб аппарат (миноискатель)

МИНОМЁТ *м воен.* миномёт (*минаби кьвагьулеб (риччалеб) гIарада*)

МИНОМЁТН//ЫЙ, -ая, -ое *воен.* минометалъул, миномётазул; **~ая батаре́я** минометазул батарея

МИНОМЁТЧИК *м воен.* миномётчик

МИНОНО́СЕЦ *м воен.-мор.* миноносец (*торпедаби жинда ругеб рагъулаб гама*)

МИНО́Р *м* 1) *муз.* минор 2) *перен. разг.* пашманаб, кьваридаб хIал; **быть в ~е** кьваридаб, пашманаб хIалалда вукIине

МИНО́РНЫЙ, -ая, -ое 1) муз. минорияб 2) *перен. (грустный*) пашманаб, кьваридаб

МИНУ́ВШ//ИЙ, -ая, -ее 1) цебе араб, нахъа тараб; **~ие го́ды** арал сонал 2) *в знач. сущ.* **~ее** *с* араб заман, цере ккарал лъугьа-бахъинал

МИ́НУС *м* 1) (*знак*) минус (*бахъиялъул яги гьечIолъиялъул гIаламат*) 2) *нескл.* бахъи (**пять ~ два** *тIоцебеседаса кIиабилеб тарих бахъулеб букIин бихьизабулеб гIаламат*) 3) (*гьава-бакъалъул хIакъалъулъ*): **вчера́ бы́ло ~ де́сять гра́дусов** сон анцIго градусалъул квач букIана 4) *перен. разг. (недостаток)* гIунгутIи, квешаб рахъ; **прое́кт име́ет мно́го ~ов** проекталда гIемерал гIунгутIаби руго 5) минус (*школалда цIалдохъанасул лъаялъе, хьвадачIвадиялъе лъураб къимат тIубараб гьечIолъиялъул гIаламат*); **получи́ть четы́ре с ~ом** минусгун ункъилаб щвезе (*загIипаб ункъилаб щвезе*)

МИНУ́Т//А *ж* 1) минут; **два́дцать мину́т второ́го** кIигоялде къого минут 2) *мат., геогр.* минут (*градусалъул лъабкъойил бутIа*) ◊ **с ~ы на ~у** цIакъ хехго, гьале гьабсагIат; **сию́ ~у** гьаб минуталда, гьабсагIатго, нахътIамичIого

МИНУ́ТН//ЫЙ, -ая, -ое 1) минуталъулаб, минутазулаб; **~ая стре́лка** минутазул хъаравул 2) минуталъ халат бахъараб; **~ый переры́в** (цо) минуталъул перерыв 3) *перен.* къокъаб заманлда тIубалеб; **~ое де́ло** гIемер заман хIажалъулареб, минуталде лъугIулеб иш

МИНУ́ТЬ *сов.* 1) *см.* **минова́ть 1, 3** 2) *кому (о возрасте*) тIубазе; **ему́ ми́нуло шестна́дцать лет** гьос анцIила анлъго сон бана

МИР[1] *м в разн. знач.* дунял *(планета);* дуниял-гIалам *(вселенная);* **происхожде́ние ~а** дунял бижи; **во всем ~е** тIолабго дунялалда; **пе́рвый в ~е** дунялалда тIоцевесев; **объе́хать весь ~** тIолабго дунял тиризе, кивего щвезе; **живо́тный** ~ цо хасаб ба-кIалда яги тIолабго дунялалда ругел рухIчIаголъаби; **звёздные ~ы́** цIвабзазул дуниялал; **расти́тельный** ~ цо бакIалда яги дунялалдаго бижулеб гъветI-хер; **вну́тренний ~ челове́ка** инсанасул рухIияб жанисеб дунял ◊ **пусти́ть по́ ~у** магIишат хвезабун, язихълъизаризе, гьардухъанлъиялде ккезаризе; **на ~у́ и смерть краснá** гIадамазда гьоркьов хвезеги бигьаяб букIуна (хвелги берцинаб букIуна)

МИР[2] *м* 1) (*отсутствие войны*) рекъел; **борьба́ наро́дов за** ~ ракълие гIоло халкъазул къеркьей; **заключи́ть** ~ рекъел, ракълил къотIи гьабизе; **сторо́нники ~а** ракълил рахъ кколел (*гIадамал*); **Всеми́рный сове́т ми́ра** тIолгодунялалъул рекъел цIуниялъул совет 2) (*отсутствие разногласий*) дагIба-къец гьечIолъи; **жить в ~е** ракълида гIумру гьабизе ◊ **~ пра́ху твоему́** дур рухIалъе паракъалъи щваги (алжан щваги); **отпусти́ть с ~ом** тамихI гьабичIого, гъоркьчIел гьабичIого виччан тезе

МИРАБЕ́ЛЬ *ж* мирабель *(кокомил тайпаялъул гъветI ва гьелъул тIогьилаб гIисинаб пихъ)*

МИРА́Ж *м* 1) (*оптическое явление*) бихьулеб рикIкIалъуда зобалазул бутIабазул яги тIабигIиял жалазул гьересияб сурат лъугьин 2) *перен. (призрак*) пикрабаз цебе тIамизабураб сурат; чIобогояб хиял

МИРИА́ДЫ *мн.* хIисаб тун гIемераб къадар; **~ звёзд** аза-азар цIваби, рикIкIун хIал кIолареллГан цIваби

МИРИ́ТЬ *несов. кого-что* рекъезавизе, дагIба къотIизабизе; **~ враждýющих** дагIбаялда, тушманлъиялда ругел рекъезаризе

МИРИ́ТЬСЯ *несов.* 1) *о ком и без доп.* рекъел гьабизе, кьал тезе; **я пришёл к вам** ~ дун нужехъе вачIана рекъел гьабизе 2) *с чем (терпеливо относиться к чему-л.*) *сундулниги* сабруялда, гIодоре риччан хал гьабизе; сабруялда, гIодоре риччан, хIехьон рукIине

МИ́РН//ЫЙ, -ая, -ое 1) рекъел бокьулел, дагIба-къец гьабуларел; **~ое населе́ние** рагъулъ гIахьаллъулареб, дагIба-къец бокьулареб халкъ 2) рагъ гьечIеб, ракълилаб; **~ый догово́р** ракълилаб къотIи; **~ое строи́тельство** ракълилаб гIуцIарухъанлъи; **~ая обстано́вка** рагъ гьечIеб, ракълилаб ахIвал-хIал 3) (*спокойный*) сабруяб; **~ый хара́ктер** сабруяб, гIодобе биччараб хасият

МИРОВОЗЗРЕ́НИЕ *с* бербалагьи, пикру (*гIумруялде, тIабигIаталде, пачалихъалъул гIуцIиялде бугеб*)

МИРОВ//О́Й[1]**,** -ая, -ое 1) дунялалъулго, тIолабго дунялалъулаб; **~ое простра́нство** тIолабго дунялалъул гIатIилъи; **~ая война́** дунялалъулго рагъ 2) (*прославленный*) цIар рагIараб; **учёный с ~ым и́менем** дунялалдаго цIар рагIарав гIалимчи 3) *разг. (очень хороший*) цIакъ лъикIаб; **~ой па́рень** цIакъ лъикIав гIолилав ◊ **~а́я скорбь** ракI гIодоб чIвай, гIумруялдаса ракI буссин

МИРОВ//О́Й[2]**,** -ая, -ое 1) (*примирительный*) ракълилаб, дагIбачагIи рекъезарулеб; **~ой су́дья́** ракълилаб куцалъ дагIба-къецалъул хал гьабулев диванчи 2) *в знач. сущ.* **~а́я** *ж (мирное разрешение ссоры*) ракълилаб куцалъ дагIба лъугIизаби

МИРОЛЮБИ́ВЫЙ, -ая, -ое рекъел бокьулев, рагъ-кьал рихарав; **~ые наро́ды** рекъел бокьулел халкъал; **~ая поли́тика** ракълилаб политика, рекъел цIунулеб политика; **~ым то́ном** хIеренаб, хIалимаб, гIодобе биччараб каламалдалъун (гьаракьалъ)

МИРОЛЮ́БИЕ *с* рекъел хиралъи, рекъел бокьи

МИРООЩУЩЕ́НИЕ *с* инсанасул гIамал-хасияталда, ишазда рекъон, (гьес) сверухъ бугеб дуниял, хIакъикъат кьабул гьабулеб куц

МИРОПОНИМА́НИЕ *с* дуниял, хIакъикъат бичIчIулеб куц

МИРОТВО́РЕЦ *м* дагIбадулел рекъезарулев, ракълие, рагъкьал лъугIиялъе кумек гьабулев

МИРТ *бот.* мирт (*хинал улкабазда бижулеб, махI берцинал хъахIал тIугьдузул даимго гIурччинаб хъарахъ*)

МИ́РСКА *ж* суркIа, щурун

МИССИОНЕ́Р *м* миссионер (*цогидаб диналъул гIадамазда гьоркьоб жидерабго тIибитIизабизе, жидералдего гьел руссинаризе христианазул церковалъ витIулев вукIарав вакил*)

МИ́ССИ//Я *ж 1) (предназначение, поручение*) цебеккунго гьабураб тIадкъай, бихьизаби; **возложи́ть ~ю** *на кого-л. лъиданиги* тIад къазе; **~я по́ста** поэтасул борч 2) (*дипломатическое представительство, дипломатическая делегация*) вакиллъи (*посланникасул бетIерлъиялда цогидаб пачалихъалде битIулеб вакиллъи ва*

гьеб жаниб чIараб мина); **торго́вая ~я** дармил ишал гьарулеб вакиллъи

МИ́ СТИК *м* мистик (*мистикаялде вуссарав, кинаб букIаниги диналъул пашманал пикрабазда хьвадулев чи*)

МИ́ СТИКА *ж* мистика (*хIакъикъаталда гьечIелда божи*); балъгояб, бичIчIулареб, нахъгIунтIулареб жо

МИСТИФИКА́ЦИЯ *ж* щибниги гуреб жоялда, гьерсида божизави

МИСТИЦИ́ЗМ *м* мистицизм (*мистикаялъул кьучIалда лъугьараб диниябгун идеалияб пикру, гьелде гьетIи*)

МИСТИ́ ЧЕСКИЙ, -ая, -ое мистикияб, балъгояб, бичIчIулареб, нахъгIунтIулареб

МИ́ ТИНГ *м* митинг (*кинал рукIаниги кIвар бугел, гIемерисеб мехалъ, политикиял суалазда тIасан гIемерав чи данделъи*)

МИФ *м* миф (1 *аллагьзабазул ва цIар арал бахIарзазул, дунялалъул ва гьелда тIад гIумру бижиялъул хIакъалъулъ бугеб некIсияб халкъияб бицен*; 2 *перен. щибниги маргьадулаб, хIакъикъаталда релъэунчIеб, букIине рес гьечIеб жо*)

МИФИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое 1) мифалъул(аб), маргьадулаб; **~ сюже́т** мифазул кьучIалда ургъараб сюжет2) *перен. (легендарный, сказочный*) божизе захIматаб, маргьа гIадинаб 3) *перен. разг. (выдуманный*) ургъун бахъараб

МИФОЛО́ГИЯ *ж* мифология (*мифазда тIад хIалтIулеб гIелму; цадахъго халкъалъул мифал*); **древнегре́ческая ~** некIсиял греказул мифал

МИ́ ЧМАН *м мор.* мичман (*рагъулаб флоталда цебесеб Россиялда букIараб тIоцебеб офицерасулаб чин*)

МИШЕ́НЬ *ж* гIуж, гIужие гъураб жо ◊ **служи́ ть ~ю для насме́шек** жинда тIад релъанхъулев чилъун вукIине

МИШУРА́ *ж* 1) меседкун, гIарацкун 2) *перен. (показная роскошь*) гьересияб кунчIи; бихьизе, рихьдае, бецциялъул мурадалда гьабулеб берцинлъи

МЛАДЕ́НЕЦ *м* гьитIинаб лъимер; **новорождённый ~** гьабсагIат гьабураб (цIигьабураб) лъимер

МЛАДЕ́НЧЕСКИЙ, -ая, -ое 1) лъимадулаб; **~ во́зраст** гьитIинаб мех, лъимадулаб ригь 2) *перен. (наивный*) лъимадул гIадаб гIамалалъул, пикруялъул; щвалде щвечIеб

МЛАДЕ́НЧЕСТВО *с* лъимерлъи, лъимерлъиялъул заман

МЛАДОПИ́СЬМЕННЫЙ, -ая, -ое *лингв.* жиндие хъвай-цIали дагьаб цебегIан щвараб; **~ язы́ к** жиндие хъвай-цIали нахъа гIуцIараб мацI

МЛАДШЕКЛА́ССНИК *м разг.* 1–3 классазул цIалдохъан

МЛА́ДШ//ИЙ, -ая, -ее 1) (*по возрасту*) ригьалъ гьитIинав; **~ий брат** гьитIинав вац 2) (*по положению*) бакIалде, цIаралде балагьун, гьитIинав; **~ий нау́чный сотру́дник** гьитIинав гIелмияв хIалтIухъан; **~ий лейтена́нт** гьитIинав лейтенант 3) (*начальный*) байбихьул, авалияб; **~ие кла́ссы** байбихьул классал

МЛЕКОПИТА́ЮЩИЕ *мн.* (*ед.* **млекопита́ющее** *с*) рахь кьун, тIанчIи хьихьулел (*рахь хахизабун, тIанчIи хьихьулел гьодал ругел тIадегIанаб классалъул хIайваназда цIар*)

МЛЕТЬ *несов.* тIад витIун вукIине; кIудияб рохелалъ дуниял кIочон тезе; пана гьавизе

МЛЕ́ЧНЫЙ, -ая, -ое: **мле́чный путь** *астр.* гIачимухъ (*зодоб цIвабзазул мухъ*); *поэт.* рахьдалаб

МНЕ *личн. мест. дат. и предл. п. от* **я**

МНЕ́НИ//Е *с* пикру, къимат; **вы́сказать своё ~е** жиндирго пикру бицине; **по моему́ ~ю** дир пикруялда, дир хIисабалда; **обще́ственное ~е** халкъалъул (жамагIаталъул) пикру; **обме́н ~ями** гIакълу, пикраби дандрай; **он высо́кого ~я о себе́** жиндирго хIакъалъулъ гьосул кIудияб пикру буго; **я разделя́ю его́ ~е** дун гьосул пикруялда разияв вуго (тIад рекъола)

МНЁТ(СЯ) *наст. от* **мя́ ть(ся)**

МНИ́М//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*воображаемый*) ургъун бахъараб, хIакъикъаталда гьечIеб; **~ая опа́сность** кьучI гьечIеб хIинкъи 2) (*притворный*) ххвалие, рихьдае гьабулеб, гьересияб; **~ое раска́яние** уйилан ккезе гьабулеб ххвел, рекIекълъи

МНИ́ТЕЛЬНОСТЬ *ж* щакдари; жинда хадур лъугьун, жиндие зарар бокьарал гIадамал ругилан ккей

МНИ́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое сундулъго жиндиего хIинкъи бихьулев, божуларев, цIакъ щакдарулев; **~ челове́к** щакдарулев, сундаго божуларев, гьечIебги бугилан кколев чи

МНИ//ТЬ *несов.*: **он сли́шком мно́го ~т о себе́** гъосул жиндирго хIакъалъулъ тIадегIанаб пикру буго; пикру гьабизе, рикIкIине, бугилан тезе

МНО́ГИЕ *мн.* 1) гIемерисел; **~ лю́ ди** гIемерисел гIадамал 2) *в знач. сущ.* гIемерисел; **~ так говоря́ т** гIемерисез гьедин абула

МНО́ГО *нареч.* гIемер; **~ разгова́ривать** гIемер гаргадизе (гIемер хабар бицине); **~ лу́чше** гIемер лъикI ◊ **ни ~, ни ма́ло** я цIикIкIун, я дагь гьечIого, гьедигIан, гьедигIанасеб къадаралда

МНОГОБО́РЬЕ *с спорт.* гIемер къецазулаб церерахъин, къец (чанго батIиял тайпабаздасан гIуцIараб спортalъул церерахъин)

МНОГОВА́ТО *нареч. разг.* гIемерго, букIине ккколелдаса цIикIкIун

МНОГОВЕКОВО́Й, -а́я, -о́е, **многовеко́вый,** -а, -ое гIемерал гIасрабазул, гIемерал гIасрабазда бугеб

МНОГОВО́ДН//ЫЙ, -ая, -ое (*полноводный*) гIемераб лъим бугеб; **~ая река́** лъим гIемераб гIор

МНОГОГОЛО́С//ЫЙ, -ая, -ое 1) гIемер гьаркьазулаб; **~ая толпа́** батIи-батIиял гьаркьазда хъудулеб руккел; **~ый гул** гIемер гьаркьазулаб хъуди, чIиргъи-хъуй 2) *муз.* гIемерал гьаркьазулаб кечI; **~ый хор** батIи-батIиял гьаркьаздалъун гIемерал гIадамаз цадахъ ахIи (хор)

МНОГОГРА́ННИК *м мат.* многогранник (*киналго рахъаздасан гIемерал бокIназул ритIарал хьалбал ругеб геометриялъул фигура*)

МНОГОГРА́НН//ЫЙ, -ая, -ое 1) *мат.* чанго рахъал ругеб (гIемер кьеразулаб) 2) *перен. (разносторонний*) батIи-батIиял рахъазулаб; **~ое тво́рчество** гIумруялъул батIи-батIиял рахъазул лъай бугеб пагьму-гьунар

МНОГОДЕ́ТН//ЫЙ, -ая, -ое лъимал гIемераб; **~ая мать** лъимал гIемерай эбел

МНОГОДНЕ́ВНЫЙ, -ая, -ое гIемерал къояз халат бахъараб

МНО́ГО//Е *с* гIемераб; **поговори́ ть о ~м** гIемералъул бицине (гIемераб жоялъул хIакъалъулъ бицине)

МНОГОЖЁНСТВО *с* цого заманалда чанго лъади йикIин, лъудби гIемер рачин

МНОГОЗНАЧИ́ ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*важный по значению*) кIудияб кIвар бугеб; 2) (*выразительный*) *щибниги* кIудияб кIвар, магIна бугеб жоялде ургъизе тIамулеб; **~ое молча́ние** цIикIкIараб магIна бугеб вуцIцIунчIей

МНОГОЗНА́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое 1) *мат.* гIемерал цифрабаздалъун хъвалеб (*тарих*); **~ое число́** гIемер цифрабазулаб, гIаламатазулаб тарих 2) *лингв.* гIемер магIна бугеб; **~ое сло́во** гIемер, чанго магIна бугеб рагIи

МНОГОКРА́ТНО *нареч.* чанго нухалъ, чанцIулго, гIемерцIул, гIемерго

МНОГОКРА́ТН//ЫЙ, -ая, -ое чанго нухалъ такрарлъараб, такрарлъулеб; **~ые напомина́ния** чанго нухалъ ракIалде щвезаби; **~ый глаго́л** *грам.* ишалъул такрарлъи бихьизабулеб глагол

МНОГОЛЕ́ТН//ИЙ, -яя, -ее 1) гIемерал соназ халат бахъараб; **~ий труд** гIемер соназулаб захIмат 2) (*о человеке*) гIемер сонал (заман) барав; **~не ста́рцы** гIемер сонал рарал херал чагIи 3) *бот.* гIемер соназулаб (*гъветI-хер*); **~ие тра́вы** гIемер соназулал хурдул

МНОГОЛЕ́ТНИК *м бот.* гIемерал соназ бижулеб хер яги хъарахъ

МНОГОЛЮ́ ДН//ЫЙ, -ая, -ое гIадамал гIемераб, гIемер гIадамал ругеб; **~ое собра́ние** гIемер чи гIахьаллъараб данделъи; **~ый го́род** гIемер чияс гIумру гьабулеб шагьар; **~ые у́лицы** гIемерал чагIи хьвадулел къватIал

МНОГОМЕ́СТНЫЙ, -ая, -ое гIемер чиясе бакI бугеб; **~ самолёт** гIемер чиясе бакI бугеб самолет

МНОГОМИЛЛИО́ННЫЙ, -ая, -ое гIемерал миллионал ругеб

МНОГОНАЦИОНА́ЛЬН//ЫЙ, -а, -ое гIемер миллатал ругеб; **~ая респу́блика** гIемер миллатал ругеб (гIемер миллатазулаб) республика

МНОГООБЕЩА́ЮЩ//ИЙ, -ая, -ое хадуб жиндир гьунаралда, бажариялда божизе бегьулев, божилъи гьабизе бегьулев; **~ий учени́к** жиндир гьунаралда божизе бегьулев цIалдохъан; **~ая улы́бка** *кинаб бугониги* кIвар бугеб ишалда божизарулеб гьими

МНОГООБРА́ЗИЕ *с* батIи-батIиял тайпабазда, къагIидабазда гъорлъ, гьоркьоб цогояб, гIаммаб рахъ бати

МНОГООБРА́ЗНЫЙ, -ая, -ое батIи-батIиял тайпабазулъ, къагIидабазулъ загьирлъулеб; азаркьераб, батIи-батIияб

МНОГООТРАСЛЕВ//О́Й, -а́я, -о́е гIемер рахъал ругеб; **~о́е хозя́йство** гIемерал (бутIаби) рахъал ругеб магIишат (*масала: гIияхъанлъиги, хурухъанлъиги, ахихъанлъиги*)

МНОГОСЕМЕ́ЙНЫЙ, -ая, -ое кIудияб хъизан, гIемер лъимал ругев

МНОГОСЕРИ́ЙНЫЙ, -ая, -ое гIемер сериял ругеб; **~ телефи́льм** гIемер сериял ругеб телефильм

МНОГОСЛО́ВИЕ *с* ргIи гIемерлъи (*каламалъулъ, гарачIвариялда, тIехьалда*)

МНОГОСЛО́ВНЫЙ, -ая, -ое гIемер ргIи бугеб

МНОГОСЛО́ЖНЫЙ, -ая, -ое *грам.* гIемер слогал ругеб (*ргIи*)

МНОГОСТАНО́ЧНИК *м* чанго станокалъе цадахъ хъулухъ гьабулев хIалтIухъан (цадахъ чанго станок хIалтIизабулев)

МНОГОСТАНО́ЧНИЦА *ж* чанго станокалъе цадахъ хъулухъ гьабулей гIадан

МНОГОСТОРО́НН//ИЙ, -яя, -ее 1) чанго рахъ бугеб, гIемер хьалбал ругеб; **~яя при́зма** чанго хьибил бугеб призма 2) чанго чи, рахъ гIахьаллъараб; **~ее соглаше́ние** чанго рахъ, чи гIа-хьаллъараб къотIи 3) (*разносторо́нний*) батIи-батIияб; **~ие интере́сы** батIи-батIиял мурадал, интересал

МНОГОСТРАДА́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое гIемер къварилъи, гIакъуба хIехьезе ккарав

МНОГОСТУПЕ́НЧАТ//ЫЙ, -ая, -ое: **~ая раке́та** гIемер бутIаби ругеб ракета (цоцадаса ратIалъулел бутIаби ругеб ракета)

МНОГОТЕ́МН//ЫЙ, -ая, -ое гIемер темаязулаб

МНОГОТИРА́ЖКА *ж разг.* гIемер тиражалъулаб, тираж кIудияб (*чIезабураб заманалда фабрик-заводалда басмаялда бахъулеб*) газета

МНОГОТИРА́ЖН//ЫЙ, -ая, -ое: **~ая газе́та** гIемер тираж бугеб (кIудияб тиражалда биччалеб) газета

МНОГОТО́МНЫЙ, -ая, -ое гIемер томал ругеб

МНОГОТО́ЧИЕ *с грам.* гIемер тIанкIал (*лъалхъул ишара хIисабалда лъолеб лъабтIанкI) …,* (*гьединго гьоркьоб биччараб текстalъул бакIалда лъолел гIемерал тIанкIал*)

МНОГОТЫ́СЯЧНЫЙ, -ая, -ое гIемер азарилаб, аза-азар; **~ми́тинг** аза-азар чи гIахьаллъараб митинг

МНОГОУВАЖА́ЕМЫЙ, -ая, -ое кIудияб хIурматалъе мустахIикъав, хIурмат кIудияв

МНОГОУГО́ЛЬНИК *м* гIемер бокIназулаб фигура

МНОГОУГО́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое гIемер бокIнал ругеб

МНОГОФА́ЗНЫЙ, -ая, -ое *эл.* гIемерал фазаби ругеб (*ток*); лъабго ва цIикIкIун фаза жинда жанисан унеб (*квар*)

МНОГОЦВЕ́ТН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*пестрый*) кьер-кьераб, гIемер кьерал ругеб; **~ая ткань** гIемер кьеразулаб ххам 2) *бот.* батIи-батIиял кьерал ругел (*тIугьдул*)

МНОГОЧИ́СЛЕНН//ЫЙ, -ая, -ое гIемер къадаралъулаб, къадар цIикIкIараб; **~ое семе́йство** кIудияб хъизан

МНОГОЧЛЕ́Н *м мат.* гIемерчлен, многочлен

МНОГОЭТА́ЖК//А *ж* гIемертIалояб мина

МНОГОЭТА́ЖНЫЙ, -ая, -ое гIемер тIулбузулаб; **~дом** гIемер тIулби (этажал) ругеб мина

МНОГОЯЗЫ́ЧНЫЙ, -ая, -ое гIемер мацIал ругеб (гIемер мацIазулаб)

МНО́ЖЕСТВЕНН//ЫЙ, -ая, -ое: ◊ **~ое число́** *грам.* гIемерлъул форма

МНО́ЖЕСТВО *с* кIудияб къадар; **~ люде́й** гIемерал гIадамал (гIадамазул кIудияб къадар); **у него́ ~ друзе́й** досул гIемерал гьудулзаби руго

МНО́ЖИМОЕ *с мат.* жиб кьабулеб

МНО́ЖИТЕЛЬ *м мат.* жинда кьабулеб

МНО́ЖИТЬ *несов. что* 1) *мат.* кьабизе; **~ два на три** кIиго лъабилъ кьабизе 2) (*увеличивать*) цIикIкIинабизе, гIемер гьабизе, кIодолъизабизе

МНО́ЖИТЬСЯ *несов. (увеличиваться)* цIикIкIине, гIемерлъизе, кIодолъизе (*къадар, рикIкIен*)

МНОЙ, мно́ю *мест. личн. тв. п. от* **я** дун

МНУ(СЬ), мнёшь(ся) *и т. д. наст. от* **мя́ть(ся)**

МОБИЛИЗА́ЦИЯ *ж* мобилиация (**1.** *воен.. рагъ лъазабидал, запасалда рукIарал чанго гIелалъул рагъухъаби хъулухъалде ахIи; улкаялъул рагъулал къуватал ракълилаб заманалъул гIадлу-низамалдаса рагъулалде рачин;* ***2.*** *перен. кинаб букIаниги масъала тIубазе кIолеб куцалъ хIадурлъи гьаби, къуват, ресал хIадур гьари*)

МОБИЛИЗО́ВАННЫЙ, -ая, -ое мобилизациялда рекъон, армиялде ахIарав чи

МОБИЛИЗОВА́ТЬ *сов. и несов. кого-что* 1 *воен.* мобилизация гьабизе, армиялде ахIизе 2 (*воодушевить*) гъира базабизе, *сунденигu* хIадурлъизе

МОБИ́ЛЬНИК *м разг.* мобильник *(кварал гьечIого хIалтIулеб кодоб кколеб телефон)*

МОБИ́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое хехго сапаралде бахъун бажарулеб, хIалтIулаб даражаялде бачине кIолеб; **~ые во́инские ча́сти** хехго рагъде лъугьун бажарулел рагъулал частал, къуватал

МОГИ́Л//А *ж* хоб; **бра́тская ~а** рагъда яги гIаммаб ишалъе гIоло хварал гIадамазул цадахъаб хоб ◊ **стоя́ть одно́й ного́й в ~е** хвалде гIагарлъизе; **свести́ в ~у** хвалде ккезавизе; гIазаб гIакъуба кьезе; **унести́ (с собо́й) в ~у** хабалъе цадахъ босизе, цо щибалигоги бицинчIого, хвезе

МОГИ́ЛЬНИК *м археол.* некIсиял ха́бал (хабзал)

МОГИ́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое хаба́л, хобалъул; **~ый холм** хобалъул гохI; **~ая тишина́** хабалъ гIадаб сихIкъотIи

МОГИ́ЛЬЩИК *м* 1) хобал рухъулев чи 2) *перен. щивниги, щибниги* хвалде ккезабулев, чIвалев, тIагIинабулев чи

МОГУ́, , мо́жешь, мо́гут *наст. от* **мочь**[1]

МОГУ́ЧИЙ, -ая, -ее къуватаб, гучаб, кIудияб, къудратаб; **~ зверь** гучаб жанавар; **~ дуб** кIудияб миккил гъветI; **~ органи́зм** къуватаб черх, къаркъала

МОГУ́ЩЕСТВЕНН//ЫЙ, -ая, -ое кIудияб къуват бугеб; **~ое госуда́рство** гучаб пачалихъ

МОГУ́ЩЕСТВО *с* кIудияб къуват, гуч, хIалкIолъи

МО́Д//А *ж* мода (*ратIлидехун, рукIа-рахъиналъул тIагIелаздехун ва цогидалде хасаб заманалда рукIунел тIалабал*); **оде́т по после́дней ~е** ахирисеб модаялда рекъон, ретIа-къан вуго (*дов*); **вы́йти из ~ы** модаялдаса ине; **быть в ~е** модаялда букIине; **журна́л мод** модабазул журнал

МОДЕЛИ́РОВАТЬ *сов. и несов. что сундулниги* модель гьабизе

МОДЕ́ЛЬ *ж* 1) (*образец*) мисал (*щибниги гьабизе, лъутIизе цебе лъолеб*); **но́вая ~ пла́тья** гурдил цIияб модель 2) (*тип, марка*) тайпа; **но́вая ~ автомоби́ля** автомобилалъул цIияб марка 3) (*макет*) макет; **~ самолёта** самолёталъул макет

МОДЕЛЬЕ́Р *м* модель, мисалияб халип гьабулев устар

МОДЕ́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое моделалъулаб, моделал гьарулеб (*мастерская, цех*); **~ая о́бувь** моделалда рекъон гьарурал хьитал

МОДЕРНИЗА́ЦИЯ *ж* цIияб къагIидаялда, жакъасеб къоялъул тIалабазда рекъон, бачин, гьаби, модернизация

МОДЕРНИЗИ́РОВАТЬ *сов и несов. что* модернизация гьаби

МОДЕРНИ́ЗМ *м лит., иск.* модернизм (*буржуазиялъул адабияталдаги маданияталдаги бугеб хIакъикъаталда данде ккола-реб чвахи*)

МОДЕРНИ́СТ *м* модернист (*модернизмалда хадув вилъулунев чи*)

МОДЕРНИ́СТСКИЙ, -ая, -ое модернизмалъулаб

МО́ДНИК *м* чIухIухъан (*кинабго модаялда рекъон гьабулев чи*)

МО́ДНИЦА *ж* чIухIухъан (*чIужугIадан*)

МО́ДНИЧАТЬ *несов. разг.* модаялда рекъон, бадиб кьалеб куцалъ ретIел ретIине

МО́ДНО *нареч.* 1) модаялда рекъон; **~ одева́ться** модаялда рекъон, ретIел ретIине 2) *в знач. сказ.* модаялда буго; **э́то ~** гьеб модаялда буго, модаялда данде ккола

МО́ДН//ЫЙ, -ая, -ое модаялда бугеб; **~ое пла́тье** модаялда бугеб гурде; **~ый костю́м** мадаялда бугеб костюм

МОЁ *мест. с см.* **мой**

МО́ЕЧН//ЫЙ, -ая, -ое **1.** *щибниги* чурулеб, чуризе бугеб; **~ая маши́на** черолеб машина **2**. *в знач. сущ.* **~ая** *ж* черолеб бакI (рукъ)

МО́ЖЕШЬ, мо́жет, мо́жем, мо́жете *наст. от* **мочь**[1]

МОЖЖЕВЕ́ЛОВЫЙ, -ая,-ое цIинидул; **~ куст** цIинидул хъарахъ

МОЖЖЕВЕ́ЛЬНИК *м* цIини

МО́ЖНО *в знач. сказ. безл.* 1) (*возможно*) *щибниги* гьабизе рес буго, гьабизе бегьула; **э́ то ~ сде́лать** гьеб гьабизе бегьула; **там ~ постро́ить дом** доба мина базе бегьула; **э́ то ~ сде́лать в два дня** гьеб кIиго къоялда жаниб гьабизе бегьула 2) (*разрешается*) ихтияр кьола, бегьула; **здесь ~ кури́ ть** гьаниб хъалиян цIазе бе-гьула ◊ **как ~ скоре́е** кIванагIан хехго

МОЗА́ИКА *ж* мозаика (1 *цементалда яги мастикаялда цоцазда цун рекIинарурал цIорол, мраморалъул ва цогидалъулги кьер-кьерал кесказул лъугьинабураб сурат*; 2 *перен. щиб-щибниги жуба-гъубан лъугьинабураб жо)*

МОЗАЙ́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое мухIканаб; **~ая рабо́та** мухIканаб хIалтIи; мозаикаялъул гьабураб

МОЗГ *м* 1) гIадалнах; **головно́й ~** гIадалнах; **спинно́й ~** гьодил нах; **ко́стный ~** рокьол нах; **~ его́ лохира́дочно рабо́тал** гьесул гIакълу хIалакун хIалтIулеб букIана 2) *перен. сундулниги* аслияб бакI 3) *мн.* **~и́** хIайваналъул (*бачил, гIиялъажоялъул…*) белъараб ботIрол нах ◊ **впра́вить ~и́** гIакълуялде вачIинавизе, гьалатI бичIчIизабизе; **шевели́ ть ~а́ми** пикру гьабизе, ургъизе, бетIер хIалтIизабизе

МОЗГОВ//О́Й, -а́я, -о́е 1) гIадалнахалъул; **~ы́е сосу́ды** гIадалнахалъул бидурихьал; **~а́я оболо́чка** гIадалнахул хъал 2) (*содержащий мозг*) гIадалнах (жаниб) бугеб; **~а́я кость** нах бугеб ракьа ◊ **~ая рабо́та** ботIрол хIалтIи, гIакълияб хIалтIи

МОЗЖЕЧО́К *м анат.* гьитIинаб гIадалнах (*къаркъала цо хIалалда букIиналъул ва хьвадиялъул гIадлу гьабулеб гIадалзул нахул цо бутIа*)

МОЗО́ЛИСТ//ЫЙ, -ая, -ое пинкьал рахъараб, пинкьахараб; **~ые ру́ки** пинкьахарал кверал

МОЗО́ЛИТЬ *несов. что* пинкьал рахъинаризе ◊ **~ глаза́** бадив къан вукIиналъ (бадисан ваккиялъ) живго рихинавизе, чIалгIинавизе; бадив къан вукIине

МОЗО́Л//Ь *ж* гьанамагI, пинкь; **ру́ки в ~ях** кверазда пин-кьал рахъун руго ◊ **наступи́ ть** *кому-л.* **на люби́ мую ~ь** *лъиениги* асар гьабулеб, гьесда цIакъго хъинтIулеб, унтулеб рахъалда хъвазе

МОИ́ *мест. мн. см.* **мой**

МОЙ *мест. притяж. м* 1) дир; **~ го́лос** дир гьаракь 2) *в знач. сущ. ~ м разг. (муж)* дирав 3) *в знач. сущ.* **моя́** *ж разг. (жена)* дирай 4) (*в знач. сущ.* **моё** *с* дираб; **э́ то моё** гьеб дираб (буго) 5) *в знач. сущ.* **мои́** *мн. разг. (родные, близкие*) дирал; **мои́ ско́ро приду́т** дирал кватIичIого рачIина ◊ **бо́же ~ !** дир аллагь! (*хIикмалъи, ццин, рохел бихьизабизе*)

МО́ЙКА *ж* 1) (*по гл.* **мыть**) чури 2) (*приспособление*) мойка (*щибниги чурулеб машина; гIиял квас чурулеб бакI)*

МО́КН//УТЬ *несов.* 1) виччизе; **~ под дождём** цIадакь виччизе 2) (*вымачиваться*) цIалтун биччизе; **ко́жа мо́кнет** тIом цIалтун биччулеб буго 3) (*о ране*) *(ругъун)* бизине

МОКРЕ́Ц *м вет.* бичиргъан (*чол ва чIегIерхIайваназул бохдузда букIунеб унти*)

МОКРИ́ ЦА *ж зоол.* мугъурхьа

МО́КРО *нареч. в знач. сказ.* рагьан, биччун буго; **на дворе́** ~ азбаралда биччун буго

МОКРО́ТА *ж (слизь)* ахту, хIацIу

МОКРОТА́ *ж разг. (сырость)* регьел; **на у́лице ~, сля́ коть** къватIиб регьел, хIарщ буго

МО́КР//ЫЙ, -ая, -ое биччараб; **~ая тря́ пка** биччараб чIорто ◊ **~ая ку́рица** биччараб гIанкIу (*гъаримаб, язихъаб хIалалда вугев чиясул хIакъалъулъ*); чурулъа бахъараб хьвацIихьит (гIадин вуго); **у неё глаза́ на ~ом ме́сте** долъул берал биччараб бакIалда руго (*гIемер гIодулей гIаданалде*); дой кидаго гIодулей йикIуна

МОЛ[1] *м* сангар (*порталда жанире лъугьунеб бакIалда гуми ралъдал карачалабаздаса цIунизе гьабураб сангар*)

МОЛ[2] *частица разг.* -ила, -дила, -унха; **он, ~, э́ того не знал** гьосдадила гьеб лъалароанила

МОЛВА́ *ж (слухи)* хабар, мацI; **о нём идёт дурна́я ~** досул хIакъалъулъ квешаб хабар тIибитIун буго

МО́ЛВИТЬ *сов. и несов. что и без доп.* абизе, кIалъазе

МОЛДАВА́НЕ *мн.* молдаванал, молдавиял

МОЛДАВА́НИН *м* молдаванав, молдавияв

МОЛДОВА́НКА *ж* молдаванай, молдавияй

МОЛДАВА́НСК//ИЙ, -ая, -ое: **~ие пе́сни** молдаваназул кучIдул

МОЛДА́ВСКИЙ, -ая, -ое молдавиязул; **~ язы́ к** молдавиязул мацI

МОЛЕ́КУЛА *ж* молекула

МОЛЕКУЛЯ́ РНЫЙ, -ая, -ое молекулярияб, молекулал лъазариялда бухьараб; **~ вес** молекулярияб (молекулалъул) цIайи, бакIлъи

МОЛИБДЕ́Н *м* молибден (*хим. элемент, металл*)

МОЛИ́ ТВА *ж* как; дугIа

МОЛИ́ ТЬ *несов. кого-что* гьаризе, хIелизе; **~ о проща́де** гурхIел, рахIму гьаризе

МОЛИ́ ТЬСЯ *несов.* 1) *кому-чему* как базе, дугIа-алхIам гьабизе 2) *на кого-что перен. (боготворить) щивниги* кIодо гьавизе, *гьесие* каӄал разе, аллагьлъун гьавизе

МОЛЛЮ́ СКИ *мн.* (*ед.* **моллю́ ск** *м*) борхьикъолол хIапараби

МОЛНИЕНО́СНО *нареч.* пири гIадин (*хехго*)

МОЛНИЕНО́СН//ЫЙ, -ая, -ое пири гIадаб хехаб; пиридулаб; **~ая побе́да** къокъаб заманалда, къокъидго босараб, хехаб бергьенлъи

МО́ЛНИЯ *ж* 1) пири (*тIабигIияб*); **~ уда́рила в де́рево** пири гъотIолъ речIчIана; **~ сверка́ет** пири пирхулеб буго 2) (*застежка*) (*хехго рахалеб*) ратIлида балеб рахас ◊ ~ хехаб куцалъ кьолеб телеграмма

МОЛОДЁЖН//ЫЙ, -ая, -ое гIолилазул, гIолилаздасан гIуцIараб; **~ое звено́** гIолилазул звено; **~ая пе́сня** гIолилазул кечI

МОЛОДЁЖЬ *ж собир.* гIолилал

МОЛОДЕ́ТЬ *несов.* гIолохъанлъизе

МО́ЛОДЕЦ *м фольк.* бахIарчи

МОЛОД//Е́Ц *м* 1) сахаб, берцинаб лага-черхалъул гIолохъанчи 2) *в знач. сказ. разг. (похвала)* хIалчIахъад (*вуго*), бахIарчи (*вуго*); **он у нас ~е́ц** гьев нилъер бахIарчи вуго 3) *в знач. нареч.*: **~ цо́м** *разг.* бихьинчи гIадин; лебалго, тириго; **он ведёт себя́ ~цом** дов бихьинчи гIадин вукIуна ◊ **~ец к ~цу** цоязда цояв лъикIав, киналго лъикIал; **~е́ц про́тив ове́ц, а про́тив ~ца́ – сам овца́** *посл.* чахъабазда данде-бахIарчи, бахIарчиясда данде-живго чахъу

МОЛОДЕ́ЧЕСТВО *с (удаль)* хIинкъи-къай лъалареб бахIарчилъи

МОЛОДИ́//ТЬ *несов. кого-что* гIолохъанлъизавизе; **све́тлый костю́ м её ~т** канчIаб ратIлица дой гIолохъан гьаюла

МОЛОДИ́ ТЬСЯ *несов.* рарал соназдаса гIолохъанго вихьизе бокьи, жигар бахъи

МОЛОДНЯ́ К *м* 1) *собир. (о животных)* гъоркьажал (*тIинчI, бачал, кьагIи…*) 2) (*молодой лес*) гIолохъанаб рохь 3) *собир. разг. (молодежь)* гIолилал

МОЛОДОЖЁНЫ *мн.* (*ед.* **молодожён** *м*) дагьал церегIан ригьнаде лъугьарал рос-лъади, бахIарал

МОЛОД//О́Й, -ая, -ое 1) гIолохъанаб; **~ое де́рево** гIолохъанаб гъветI; **~о́й челове́к** гIолохъанчи 2) (*недавно появившийся*) цIияб; **~о́й карто́фель** цIияб картошка 3) *в знач. сущ.* **~ые** *мн.* гIолилал

МО́ЛОДОСТ//Ь *ж* гIолохъанлъи; **в дни ~и** гIолохъанаб заманалда◊ **не пе́рвой ~и** ригь арав, заман барав

МОЛОДЦЕВА́ТЫЙ, -ая, -ое къамартI бугев, берцинаб сипаталъул, тирияв, лебалав

МОЛО́ДЧИК *м разг. презр.* гIоркьилав (*жиндир гIамал-хасият какизе мустахIикъав, чияр амру тIубаларев хIалихьатав чи*)

МОЛОДЧИ́ НА *м, ж разг. см.* **молоде́ц 2**

МОЛОЖА́ВЫЙ, -ая, -ое гIолохъанавлъун, жинца рарал соназдаса гьитIинавлъун вихьулев

МОЛО́ЖЕ *сравн. ст. от* **молодо́й**

МОЛО́ЗИВО *с* цIо (*лъимер гьабилалде эбелалъул кукдузда, къинлъараб гIакдал гъваруниб тIоцересел къояз букIунеб рахь*)

МОЛОКО́ *с* рахь; **парно́е ~** бечIчIудасаго (хIохьлачунеб) рахь; **це́льное ~** бахъичIеб (тIорахь нахъе босичIеб) рахь; **ся́ тое ~** ба-хъараб рахь; **сгущённое ~** бакъвалъизабураб рахь ◊ **кровь с ~м** би-рахь (рекъараб) жубараб, сахаб, бацIцIадаб (*гьумер*); **у него́ на губа́х не обсо́хло ~** досул кIутIбузда рахь бакъван гьечIо (*гьитIинго вуго*)

МОЛОКОСО́С *м разг.* цIакъго гIолохъанав вас, кашкана

МО́ЛОТ *м* 1) (*тяжелый молоток*) бакIаб квартIа, гьецIокь 2) *тех.* молот; **пневмати́ ческий ~** бухун металл къачIалеб машина 3) *спорт.* молот (*спорталъул къецазда рехулеб маххул кварида бараб чармил гулла*) ◊ **быть ме́жду ~ом и накова́льней** гьецIокъалдаги рачидаги гьоркьов вукIине (*кIиго тушманаб рахъалда гьоркьов захIматаб хIалалде ккезе*)

МОЛОТИ́ ЛКА *ж* лал тIамулеб машина, молотилка

МОЛОТИ́ТЬ *несов.* 1) *что* лал тIамизе; **~ овёс** нехдал лал тIамизе 2) *кого-что по чему, во что разг.* бухизе, кьабизе *(заруца нуцIа бухизе)*

МОЛОТОБО́ЕЦ *м* гьецIокъ кьабулев чи (*хIалтIухъан*)

МОЛОТО́К *м* 1) квартIа 2) *горн. ганчIил тIурччи бахъуле-лъул хIалтIизабулеб* квартIа (*отбойный молоток*)

МО́ЛОТЫЙ, -ая, -ое ххараб; **~ ко́фе** ххараб кофе, къагьва

МОЛО́ТЬ *несов. что* ххине; **~ пшени́ цу** ролъ ххине; **~ пе́рец** пурч ххине, хIаризе ◊ **~ вздор** хъирмал хъуризе (гьерсал рицине, хъвазе)

МОЛОТЬБА́ *ж* 1) (*по гл.* **молоти́ ть**) лали, лали гьаби; **маши́нная ~** машинабаз лал тIами 2) (*время*) лали гьабулеб заман (лалал тIамулеб заман)

МОЛОЧА́Й *м бот.* гьвелрахь

МОЛО́ЧНИК *м 1); посуда)* рахь тIолеб жо) 2) рахьбич (рахь бичулев чи)

МОЛО́ЧНИЦА *ж* 1) (*продавщица*) рахь бичулей гIадан 2) *мед.* керен хахулеб лъимадул мацIалда, дабазда, тIасакIалалда хъахIал тIанкIал рахъунеб (лъугьунеб) унти

МОЛОЧНОТОВА́РН//ЫЙ, -ая, -ое: **~ая фе́рма** рахьдал квана-гьекъолел нигIматал гьарулеб ферма

МОЛО́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*приготовленный из молока*) рахьдал гьабураб; **~ая ка́ша** рахьдатIакарщ 2) (*дающий много молока*) гIемер рахь кьолеб; **~ый скот** рахьдалаб боцIи; **~ая коро́ва** гIемер рахь кьолеб (рахьдалаб) гIака 3) рахьдал; **~ая промы́ ш-ленность** рахьдал промышленность; **~ые проду́кты** рахьдал гьарурал квана-гьекъолел жал 4) **~ый телёнок** (*питающийся молоком*) хахулеб бече 5) *в знач. сущ.* **~ое** *с (кушанье)* рахьдалквен 6) *в знач. сущ.* **~ая** *ж рахь, рахьдал продуктал ричулеб* тукен, столовая, кафе ◊ **~ые зу́бы** рахьдал, тIоцере раккарал цаби; **~ый брат** рахьдал вац; **~ая сестра́** рахьдал яц (*данде хахарав вац, данде хахарай яц)*

МО́ЛЧА *нареч.* сихI къотIун, руцIцIухIун (чIун)

МОЛЧАЛИ́В//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*неразговорчивый*) гIунцарав, вуцIцIун чIарав, гIемер кIалъазе бокьуларев 2) (*понимаемый без слов*) рагIи абичIого, бичIчIулеб; **~ое одобре́ние** инкар гьечIеб, данде рагIи абичIеб разилъи

МОЛЧА́НИЕ *с* (*по гл.* **молча́ть**) сихIкъотIи, руцIцIухIун (руцIцIун) чIей; **нару́шить ~** руцIцIунчIей хвезабизе, къотIизабизе◊ **обойти́** *что-л.* **~м** *щибниги* тIадкIалъай гьабичIого, тезе; **~ – знак согла́сия** вуцIцIунчIей – разилъиялъул гIаламат

МОЛЧА́ТЬ *несов. щибниги* абичIого, рагьун жиндирго пикру бицинчIого, чIезе; вуцIцIун чIезе, вуцIцIине

МОЛЧКО́М *нареч.* сихI къотIун

МОЛЧО́К *м разг.*: **об э́ том – ~** гьелъул хIакъалъулъ цо рагIиги абуге, вуцIцIун чIа

МОЛЧУ́ Н *м разг.* хабар, кIалъай гьечIев, гаргадизе бокьуларев чи

МОЛЬ *ж (насекомое*) иц

МОЛЬБ//А́ *ж* гьари; **внять ~е́** гьариялъухъ гIенеккизе, къабул гьабизе

МОМЕ́НТ *м* 1) (*миг, мгновение*) лахIзат, къокъаб заман; **в оди́ н ~** цо лахIзаталде 2) (*обстоятельство*) хIалтIул, *кинаб бугониги* ишалъул хIал, ахIвал-хIал; рахъал; **положи́тельные ~ы в рабо́те** хIалтIулъ ругел лъикIал рахъал ◊ **теку́щий ~** гьабсагIат бугеб хIал, жакъасеб ахIвал-хIал

МОМЕНТА́ЛЬНО *нареч.* лахIзаталде, къокъаб заманалда, хехго

МОМЕНТА́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое цIакъго хех, лахIзаталда, цо параялда жаниб тIубазабулеб; **~ сни́ мок** цIакъго хех бахъулеб сурат

МОНА́РХ *м* монарх, парчахI, хан, пача, къирал (*ирсилав яги вищун тарав пачалихъалъул бетIер*)

МОНАРХИ́ЗМ *м* монархизм (*пачалихъияб гIуцIиялъул монархия тун батIияб къагIида бегьуларилан рикIкIунеб политикияб чвахи*)

МОНАРХИ́ СТ *м* монархист (*монархиялъул рахъ кколев чи*)

МОНАРХИ́ СТСКИЙ, -ая, -ое монархиялъулаб

МОНАРХИ́ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое монархияб; **~ое госуда́рство** монархияб пачалихъ

МОНА́РХИЯ *ж* монархия (*цо чияс, монархас, бетIерлъи гьабулеб пачалихъияб гIуцIи, гьединаб гIуцIиялъул пачалихъ*)

МОНАСТЫ́РСКИЙ, -ая, -ое монастыралъулаб, монастыралда гIадаб; гIодобе биччараб, парахатаб

МОНАСТЫ́РЬ *м* монастырь (1 *монахал яги монахинаби жанир рукIунеб, жиндирго ракьги гIарацги бугеб диниябгIуцIи* 2 *гьединаб гIуцIиялъул бетIергьанлъиялда бугеб килиса, жанир чIолел рукъзал ва ракь*)

МОНА́Х *м* монах (*монастыралъул уставалда рекъон, дуняла-лдаса тIураб гIумру гьабизе тIаде босарав, гьенив чIарав чи*)

МОНА́ХИНЯ *ж* монахинай, монахай

МОНГОЛ *м* монголав (магъулав)

МОНГО́ЛКА *ж* монголай (магъулай)

МОНГО́ЛЫ *мн.* монголал (магъулал)

МОНГО́ЛЬСКИЙ, -ая, -ое монголазул, магъулазул; **~ язы́ к** монгол (магъул) мацI

МОНЕ́Т//А *ж* металлалъул гIарац; **золота́я ~а** меседгIарац; **разме́нная ~а** гIисингIарац ◊ **плати́ ть** *кому-л.* **той же ~ой** цIуралъухъ цIун кьезе; **приня́ть за чи́стую ~у** хIакъикъияблъун къабул гьабизе

МОНЕ́ТНЫЙ, -ая, -ое: **~ двор** (*пачалихъалъ*) гIарац къотIулеб бакI (фабрика)

МОНИТО́Р *м* 1) халкквеялъе хIалтIизабулеб экран бугеб устройство 2) хъвараб жо яги бахъараб сурат бихьизабулеб компьютералъул цо бутIа (экран)

МОНОГА́МИЯ *ж* цо рос-лъадилъи (*цого заманалда бихьинчияс цо лъади гурони ячине бегьуларе6, чIужугIадан цоясе гурони ине бегьуларе6 къагIида*)

МОНОГРА́ФИЯ *ж* монография (*цо темаялъул, цо суалалъул цIех-рех гьабураб гIелмияб хIалтIи*)

МОНОКУЛЬТУ́Р//А *ж* 1) бекьулеб цо культура гурони гьечIолъи 2) халат цого жо цого хуриб бекьун гIадлу хвезаби

МОНОЛИ́ТН//ЫЙ, -ая, -ое 1) цо ганчIил гьабураб; **~ая колóнна** ччобораб, цо ганчIил гьабураб хIуби (*колонна*) 2) *перен.* цоцалъ гъункараб, щулияб; **~ый коллекти́в** гъункараб коллектив

МОНОЛО́Г *м* монолог (*театралъе хъварал ва цогидалги литературиял асаразда герояз балагьараздехун, цадахъ ругездехун яги жиндиего гьабулеб калам*)

МОНОПЛА́Н *м* моноплан (*цо кваркьиялъул самолет*)

МОНОПОЛИЗА́ЦИЯ *ж* (*по гл.* **монополизи́ровать**) монополияб квершел гьаби

МОНОПОЛИЗИ́ РОВАТЬ *сов. и несов. что* монополия гьабизе; **~ вне́шнюю торго́влю** къватIисеб дармида монополия гьабизе

МОНОПОЛИ́СТ *м* монополист (*сунданиги жиндир монополияб квершел бугев капиталист)*

МОНОПОЛИСТИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое монополияб; **~ капитали́ зм** монополияб капитализм

МОНОПО́ЛИЯ *ж* монополия (1 *щибниги гьабизе яги бичизе бугеб хасаб ихтияр*; 2 *магIишаталъул кинаб букIаниги бутIаялда квершел гьабизе ва кIванагIан цIикIкIун хайир щвезелъун данделъараб капиталистияб цолъи*)

МОНОТЕЙ́ЗМ *м* дуниял-гIалам цо Аллагьас бижараблъун рикIкIунеб дин; цо Аллагь вукIин

МОНОТИ́ П *м* монотип (*басмаханаялда хIарпал риун тIолеб машина*)

МОНОТО́НН//ЫЙ, -ая, -ое 1) хиси гьечIеб, цого гьаркьилаб; **~ое пе́ние** цо роцадулаб кечI ахIи 2) *перен. (однообразный*) батIалъи гьечIеб, релъгьараб; чIалгIунеб, чIамучIаб

МОНТА́Ж *м* монтаж (1**)** *хасал планазда рекъон, машинаби дандрай, минаби рай* 2**)** *кадраздасан кинолента гьаби)*

МОНТА́ЖНИК *м* монтажник (*монтаж гьабулев специалист*)

МОНТА́ЖНИЦА *ж* монтажница

МОНТЁР *м* монтер (**1.** *машинаби дандралев, хIалтIизарулев чи*; **2.** *токалъул кварал рачунев (цIалев) специалист*)

МОНТИ́РОВАТЬ *несов. что сундулниги* монтаж гьабизе, дандбазе; **~ маши́ ну** машина дандбазе; **~ фильм** фильмалъул монтаж гьабизе

МОНУМЕ́НТ *м* монумент, ракIалде щвеялъе гьабураб памятник

МОНУМЕНТА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое 1) цIакъ кIудияб; **~ое зда́ние** цIакъ кIудияб, щвалде щвараб мина 2) *перен.* гъваридаб магIнаялъул, кьочIолъе раккараб; **~ый труд** гъваридаб магIнаялъул хIалтIи 3) *иск.* кIодолъиялдалъун ва жиндир гIаммаб сураталдалъун кверде росулеб, асар гьабулеб

МОПЕ́Д *м* мопед (*мотор бугеб велосипед*)

МОРА́ЛЬ *ж* 1) (*правила нравственности*) мораль, адабхасияталъул къагIидаби, низам; 2) *сундасанниги* гьабураб хIасил, хьвада-чIвадиялъе чIезабураб роцен; **~ ба́сни** баснялъул хIасил 3) *разг. (нравоучение*) малъари

МОРА́ЛЬНО *нареч.* моралияб куцалъ *(малъун, гIорхъаби чIван);* **~ неусто́йчивый** моралияб рахъалъ щулалъи гьечIев, чIара-хьарав гурев

МОРА́ЛЬНО-ПОЛИТИ́ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое: **~ое еди́нство** моралиябгун политикияб цолъи

МОРА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое 1) моралияб; **~ые при́нципы** моралиял къагIидаби 2) (*высоконравственный*) тIадегIанаб гIамал-хасияталъул; **~ый посту́пок** моралияб иш 3) (*духовный*) жанисеб, рухIияб, рекIелаб; **~ая отве́тственность** моралияб жавабчилъи; **~ое состоя́ние** моралияб ахIвал-хIал; **~ое удовлетворе́ние** моралияб разилъи, ракI разилъи

МОРГ *м* морг (*больницаялда хварал гIадамал лъолеб рукъ, бакI)*

МОРГА́ТЬ *несов.* 1) берал къапезаризе 2) *кому (подмигивать*) кIвакезе, къенкIезе (*лъидениги*) 3) (*мерцать*) паркъезе (*чирахъ*)

МОРГНУ́ ТЬ *однокр. к* **морга́ть** ◊ **и гла́зом не ~** сунденигни вачIинчIого, ракIалде ккараб гьабизе; бер къапичIого, гьабизе

МО́РДА *ж* 1) (*животного*) хонех (*хIайваналъул*) 2) *груб. прост.* хонех (*чиясул*)

МОРДА́СТЫЙ, -ая, -ое *разг.* кIудияб хонехалъул (*о животном*), гIебаб гьумералъул (*о человеке*)

МОРДВА́ *ж собир.* мордвинал (*Мордоваялъул халкъ*)

МОРДВИ́ Н *м* мордвинав

МОРДВИ́ НКА *ж* мордвинай

МОРДВИ́ НЫ *мн.* мордвинал

МОРДО́ВСКИЙ, -ая, -ое мордвиназул; **~ язы́к** мордвиназул мацI

МО́Р//Е *с* 1) ралъад ◊ **откры́тое ~е** киналго пачалихъаз пайда боулеб *ралъад;* **вы́ йти в ~е** ралъдал рагIалдаса рикIкIаде лъедезе 2) *перен. (большое количетсво чего-л.*) *сундулниги* гIемераб къадар; **~е цвето́в** тIугьдузул ралъад (*цIакъ гIемерал*) ◊ **ему́ ~е по коле́но** дос сундулго хIисаб, пикру гьабуларо, дов сункьаго хIинкъуларо; **ждать у ~я пого́ды** гIадада, *сунданиги* божун, чIезе

МОРЕ́НА *ж геол.* ччукIараб цIералъ цадахъ бачун бачIараб гъегъ, гьецIо (*цо бакIалда чIараб*)

МОРЕПЛА́ВАНИЕ *с* ралъадазда гумузда лъедей

МОРЕПЛА́ВАТЕЛЬ *м* ралъадаздасан сапараз хьвадулев чи, ралъдал сапарчи

МОРЕХО́ДН//ЫЙ, -ая,-ое ралъадазда хьвадиялъул; **~ое учи́ -лище** ралъадазда гумузда хьвадизе ругьун гьаризе цIалулеб училище

МОРЖ *м* 1) *зоол.* морж 2) *разг. (любитель зимнего купания*) хасало цIорораб лъелъ чвердезе бокьулев чи, морж

МОРЖЕВА́НИ//Е *с* хасало чвердон черх лъадари

МОРЖО́ВЫЙ, -ая, -ое моржалъулаб; **~ клык** моржалъул гожо

МО́РЗЕ : а́збука ~ Морзел азбука (*телеграфалъ хасал ишарабаздалъун хIарпал ва тарихал кьолеб* система)

МОРИ́ТЬ *несов.* 1) *кого-что (уничтожить*) загьруялъ тIагIинаризе, хвезаризе; **~ крыс** чIахIагIункIкIал хвезаризе 2) *кого-что перен. разг. (изнурять*) гIакъуба кьун, ракъи-къечалъ тату хвезабизе; **~ го́лодом** вакъиялъ тату хвезабизе 3) *что (дерево*) цIул, хъарщи чIегIераб кьер чIвазе, къвакIизе лъелъ лъезе; **~ дуб** микк бецIлъизе ва къвакIизе лъадалъ лъезе

МОРКО́ВНЫЙ, -ая, -ое ламадуралъул

МОРКО́ВЬ *ж* ламадур

МОРО́ЖЕНОЕ *с* мороженое

МОРО́ЖЕНИЦА *ж* мороженое гьабулеб машина

МОРО́ЖЕН//ЫЙ, -ая, -ое цIорозабураб; **~ая ры́ ба** цIорозабураб ччугIа

МОРО́З *м* квач; **два гра́дуса ~а** кIиго градусалъул квач; **наступи́ ли ~ы** квач тIаде щвана ◊ **меня́ ~ по ко́же подира́ет** квачалъ дие квешаб асар гьабулеб буго

МОРО́ЗИТЬ *несов.* 1) *что (замораживать)* цIорозабизе, цIорозе лъезе; **~я́ блоки** гIеч цIорозабизе 2) *кого-что разг. (заставить мерзнуть*) гIунизавизе, вугьинавизе, гIунун хвезавизе 3) *безл.* тIадеги, дагьабги квачазе; **к ве́черу на́чало ~** къасиялде дагьабги квачазе лъугьана

МОРО́ЗНО *в знач. сказ. безл.* квачан буго, цIорон буго

МОРО́ЗНЫЙ, -ая, -ое цIакъ квачараб; **~ день** цIакъ квачараб къо; **~ во́здух** цIакъ цIорораб гьава

МОРОЗОСТО́ЙКИЙ, -ая, -ое, **морозоусто́йчивый,** -ая, -ое квачалъукьа хIинкъуларе6, квач хIехьолеб; **морозосто́йкая ози́ -мая пшени́ца** квачалъухъа хIинкъуларе6 (квач хIехьолеб) хаслихъеролъ

МОРОСИ́//ТЬ *несов.* хъухъ чIвазе, щенезе; **на у́лице ~т** къватIиб щенолеб буго, хъухъ чIвалеб буго

МО́РОСЬ *ж* хъухъ, щенон балеб гIисинаб цIад

МОРО́Ч//ИТЬ *несов. кого-что разг.* мекъаб пикруялде вачине ◊ **не ~ь мне го́лову** дир бетIер гIадал гьабуге, бетIер сверизабуге

МОРС *м* морс (*пихъил лъиналъул гьабураб гьогьомизарулеб гьекъолеб жо*)

МОРСК//О́Й, -ая, -ое ралъдал; **~о́й песо́к** ралъдал сали; **~а́я вода́** ралъдал лъим; **~о́й флот** ралъдал флот ◊ **~а́я боле́знь** ралъад рекIин, ралъдал унти (*ралъад багъариялдалъун бетIер свери, лагIдезе гьари*); **~о́й волк** цевегоялдаса лъедолев, хIалбихьи бугев ралъдахъан

МОРТИ́ РА *ж воен.* мортира (*хIара къокъаб гIарада; къа́дал, щулалъаби риххизарулеб гIарада)*

МО́РФИЙ *м* морфий (*унти къотIизабулеб ва макьу щвезабулеб дару)*

МОРФОЛОГИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое морфологияб; **~ соста́в сло́ва** рагIул морфологияб гIуцIи

МОРФОЛО́ГИЯ *ж* морфология (1 *биол. рухIчIаголъабазул, гьезул лугбазул, ракьул гIуцIиялъул хIакъалъулъ гIелму;* 2 *лингв. рагIаби хисиялъул система; рагIабазул формаби лъазарулеб грамматикаялъул бутIа*)

МОРЩИ́Н//А *ж* рукIкIен; **на лбу появи́ лись ~ы** надалде рукIкIалаби рехун руго

МОРЩИ́ НИСТ//ЫЙ, -ая, -ое рукIкIалаби рехараб; **~ое лицо́** рукIкIалаби рехараб, букIкI-букIкIараб гьумер

МОРЩИ́ НКА *ж уменьш. от* **морщи́ на**

МО́РЩИТЬ *несов. что* букIкIинабизе; **~ лоб** нодо букIкIинабизе; **~ лицо́** гьумер букIкIинабизе

МОРЩИ́ ТЬ *несов. разг. (об одежде)* рукIкIалаби рукIине

МО́РЩИТЬСЯ *несов.* 1) (*собираться в морщины*) рукIкIалаби рехизе; 2) (*морщить лицо*) гьумер букIкIине 3) (*покрываться складками*) рукIкIалабазул цIезе 4) (*об одежде*) букIкIун ине

МОРЯ́ К *м* ралъдахъан, ралъдал флоталда хъулухъ гьабулев чи

МОСКИ́Т *м зоол.* москит (*югалъул улкабазда букIунеб би цIцIулеб кIиго кварккьиги бугеб гьитIинаб тIитIун)*

МОСТ *м* кьо; **железнодоро́жный ~** маххул нухлул кьо

МО́СТИК *ж* 1) *уменьш. от* **мост** гьитIинаб кьо 2) мостик (*гамитIа борхалъуда халкквеялъе, бюрухъ кьезе букIунеб площадка*) ◊ **сде́лать ~** *спорт.* мостик гьабизе (*нахъехунги гьетIун, огъохъатазда ва тIогьиса хIатIазда чIун, керен эхеде цIутIизабизе*)

МОСТИ́ТЬ *несов. что (дороги)* нухазда гамачI, гIурул хоно кквезе, рекъезабизе

МОСТКИ́ *мн. (пешеходные)* рилъгьун унезе хъорщол нух; **~ че́рез боло́то** хьуцIалдасан ине, хъарщиги тIибитIун, гьабураб нух

МОСТОВА́Я *ж* къватIалъул гамачI ккураб яги хъил тIураб машинаби хьвадулеб бутIа

МОТ *м разг.* исрапчи (*гIарац, боцIи хIисаб гьабичIого хвезабулев чи*)

МОТА́ТЬ[1] *несов.* 1) *что* жемизе; **~ ни́ тки** кун жемизе 2) *чем разг.* хьвагIезабизе; **~ хвосто́м** рачI хьвагIезабизе; **~ голово́й** (*выражая несогласие*) разилъичIого бетIер хьвагIезабизе ◊ **~ себе́ на ус** цо мурадалда ракIалда чIезабизе, хIисабалде босизе

МОТА́ТЬ[2] *несов. что разг. (нерасчетливо тратить)* хIисаб гьечIого, къимат гьабичIого, гIарац, боцIи хIурудахъ биччазе

МОТА́ТЬСЯ *несов.* 1) (*болтаться*) хьвагIезе (*мугъзада таргьа*) 2) *разг.* гIадада вортанхъизе; **це́лый день ~ по го́роду** тIубараб къоялъ шагьаралда вортанхъизе

МОТЕ́ЛЬ *м* мотель (*автотуристал чIолеб гостиница, гьоболрукъ*)

МОТИ́В *м* 1) (*мелодия*) бакъан, наку 2) (*причина, довод*) гIилла, багьана, хIужжа, далил

МОТИВИ́РОВАТЬ *сов. и несов. что щибниги* ритIухъ гьабулеб гIилла бачине; **~ свой отка́з** жиндирго инкаралъе гIилла бихьизабизе

МОТИРО́ВКА *ж* (*по гл.* **мотиви́ровать**) *щибниги* ритIухъ гьабизе бачунеб гIилла, хIужжа, далил, сабаб

МОТО- *мотор бугеб, гьеб лъураб, мотораз хьезабураб абураб магIна кьолел журарал рагIабазул тIоцебесеб бутIа, мас.:* **мотопила́** моторалъ хIалтIизабулеб хъухъадиро; **мотоспо́рт** мотоциклал рачунезул (риччалезул) спорт

МОТОВСТВО́ *с* исрапчилъи; боцIи, гIарац хIурудахъ биччай, гIадада хвезаби

МОТО́К *м* гIомо; **~ ни́ ток** кунал гIомо

МОТОПЕХО́ТА *ж (моторизованная пехота*) мотопехота (*машинабаздалъун, тягачаздалъун, мотоцикладалъун хьезабураб аскар*)

МОТОПИЛА́ *ж* моторалъ хIалтIизабулеб хъухъадиро

МОТОПРОБЕ́Г *м* мотоциклал риччаялъул спортивиял къецал

МОТО́Р *м* мотор; **~ самолёта** самолёталъул мотор

МОТОРИЗА́ЦИЯ *ж* мотораздалъун хIалтIи гьаби; мотораздалъун хьезаби

МОТОРИЗОВА́ТЬ *сов. и несов. что щибниги* мотораздалъун хьезабизе

МОТОРИ́СТ *м* моторист (*моторалъул специалист; мотор къачIалев чи*)

МОТО́РН//ЫЙ[1], -ая, -ое *в разн. знач.* моторазул; **~ый цех** моторазул цех; **~ая ло́дка** моторалъ бачунеб раса; **~ое то́пливо** моторалъул цIатари

МОТО́РН//ЫЙ[2], -ая, -ое *психол, физиол.* хьвадиялъул, рагъарачариялъул; **~ые рефле́ксы** чIагояб черхалъул хьвада-чIвадиялъе нухмалъи гьабулел нервал

МОТОРО́ЛЛЕР *м* мотороллер (*гIисинал бурдулги ругеб мотоциклалъул цо тайпа*)

МОТОЦИ́КЛ *м* мотоцикл

МОТОЦИКЛИ́СТ *м* мотоциклист (*мотоцикл бачунев чи*)

МОТОШЛЕ́М *м* мотоциклистасул шлем (тIагъур)

МОТОЭСТАФЕ́ТА *ж* мотоциклал риччалезул къецалъе чIезабураб манзил

МОТЫ́ГА *ж* газа, хъинцIи, хъерсекIо, кваркьигаза

МОТЫ́ЖИТЬ *несов. что* газаялъ *щибниги* хъусизе, бухъизе

МОТЫЛЁК *м* гьитIинаб кIалкIучI

МОХ *м* тамало

МОХЕ́Р *м* мохер (*ангор тайпаялъул цIцIаназул тамахаб квас*)

МОХЕ́РОВЫЙ, -ая, -ое мохер квасалъул гьабураб

МОХНА́Т//ЫЙ, -ая, -ое 1) керчаб, гъалараб, бахараб расалъул; **~ый зверь** керчаб расалъул жанавар 2) хIеренаб кун тIаде бахъараб ххам; **~ое полоте́нце** кун тIаде бахъараб беркIал рацIцIунеб жо (полотенце)

МОЦИО́Н *м сахлъи щулалъиялъе яги хIухьбахъиялъе гьабулеб* хьвади, рилълъанхъи

МОЧА́ *ж* кIварщ, кIущ

МОЧА́ЛКА *ж* мочалка

МОЧЕВИ́НА *ж хим. инсанасул ва цо-цо хIайваназул* кIващулъ букIунеб кристалияб азот гъорлъ бугеб вещество, мочевина

МОЧЕВО́Й, -ая, -ое кIвашул; **~ пузы́рь** пунцIеро

МОЧЕВЫДЕЛЕ́НИЕ *с физиол.* кIущи, *инсанас, рухIчIаголъиялъ* кIущ къватIибе биччай

МОЧЕГО́ННЫЙ, -ая, -ое чорхолъа кIващ къватIибе ин хехлъизабулеб, кIущизарулеб

МОЧЁН//ЫЙ, -ая, -ое лъелъе бараб; **~ые я́ блоки** лъелъе бараб гIеч

МОЧЕПОЛОВ//О́Й, -ая, -ое кIващ биччаялда, гIавраталда хурхараб; **~ы́ е о́рганы** кIващулгун гIавраталъул лугбал

МОЧЕТО́ЧНИК *м анат.* кIващунух *(ургьисалаялъуса пунцIероялъубе бугеб*)

МОЧИ́ТЬ *несов.* 1) *кого-что* биччизабизе 2) что (*вымачивать*) цуризабизе, хIеккинабизе; **~ бельё** гъоркьан ретIел, бусадул къайи чурилалде хIеккинабизе; **~ я́ блоки** гIеч лъелъе базе

МОЧИ́ТЬСЯ *несов.* кIущизе

МО́ЧКА[1] *ж (уха)* (*инсанасул*) гIинзул мочу, гIинзул гьарт

МО́ЧКА[2] *ж* (*по гл.* **мочи́ть**) биччизаби, хIеккинаби

МОЧЬ[1] *несов. с неопр.* 1) (*быть в состоянии*) кIвезе, *щибниги* гьабизе къуваталда вукIине 2) (*иметь право*) *сундуениги* ихтияр букIине; **могу́ ли я вас проси́ть?** бегьилищ дица дуда гьаризе? 3) (*уметь что-л. делать*) *щибниги* гьабизе кIвезе 4) (*обозначает вероятность действия*) *лъугьине бегьулеб иш;* **вы могли́ бы ме-ня́ не заста́ть** дуда дун гьенив ватунгутIизе бегьулаан ◊ **может, мо́жет быть, быть мо́жет** *вводн. сл.* батизе бегьула, букIине бегьула

МОЧ//Ь[2] *ж разг.* къуват, рес, *щибниги* гьабун бажари; **и́зо всей ~ю** тIолабго къуваталдалъун

МОШЕ́ННИК *м* хIарамзада, хIалихьат, жуликI, цIогьор, хIиллачи

МОШЕ́ННИЧАТЬ *несов.* цIогьодизе, хIалихьатаб куцалъ хьвадизе, жуликIлъи гьабизе

МОШЕ́ННИЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое хIалихьатаб, нахъегIанаб, гьересияб, къадараб

МОШЕ́ННИЧЕСТВО *с* хIалихьалъи, нахъегIанлъи, къадарлъи, гьерсихъанлъи

МО́ШКА *ж* гIисинаб тIутI

МОШКАРА́ *ж собир.* гIисинаб тIутI-кIкIара

МОШНА́ *ж* 1) гIарац лъолеб таргъа, чванта, можникI 2) гIарац, бечелъи

МОШО́НКА *ж анат.* хIундузул къвачIа

МОЩЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **мости́ть**) къватIазда, нухазда гамачI ккезе, чIезе

МОЩЁН//ЫЙ, -ая, -ое гамачI ккураб; **~ые у́лицы** гамачI ккурал къватIал

МО́ЩИ *мн.*: **живы́е ~** чIагояб жаназа (*цIакъго хIалакъав, рукьби хутIарав инсан*); хварав чиясул бакъвараб хутIа-кIучи

МО́ЩНОСТ//Ь *ж* 1) (*сила*) къуват; **рабо́тать на по́лную ~ь** тIубараб къуваталда(лъун) хIалтIизе 2) *физ., тех. мощность,* гуч; **~ь излуче́ния** чIорал речIчIизариялъул гуч; **~ь мото́ра** мотора-лъул къуват, гуч 3) *геол. (массивность, толщина*) бицалъи; **у́гольный пласт больша́й ~и** кIудияб бицалъияльул ганчIил тIорччол гъат 4) *мн.* **~и: произво́дственные ~и** хIалтIул къуватал

МО́ЩН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*могучий, сильный*) къуватаб, гучаб, хIал бугеб; **~ый пото́к люде́й** гIадамазул кIудияб чвахи; **~ый уда́р** гучаб кьаби 2) (*толстый*) бицатаб; **~ые дубы́** риццатал миккигъутIби

МОЩУ́ *наст. от* **мости́ть**

МОЩЬ *ж* гуч; **госуда́рственная ~** пачалихъалъул гуч

МО́Ю(СЬ), мо́ешь(ся) *и т.д. наст. от* **мы́ть(ся)**

МОЯ́ *мест. ж см.* **мой**

МРАЗЬ *ж разг.* къадарав, нахъегIанав чи, щивго гурев чи, магъакь

МРАК *м* бецIлъи; **ночно́й ~** сардил бецIлъи ◊ **покры́ то ~ом неизве́стности** щибали лъалареб, балъгояб бецIлъиялъ бахчун буго (*щибали лъалареб, баянлъи гьечIеб жоялъул хIакъалъулъ*), тIубанго бичIчIуларо, тIубанго лъаларо, хадур гъоларо

МРАКОБЕ́С *м* цебетIеялъул, маданияталъул, лъай-гIакълуялъул, гIелмуялъул тушман

МРАКОБЕ́СИЕ *с* лъай-гIакълуялде, гIелмуялде тушманлъи

МРА́МОР *м* мармар, мармар гьецIо

МРА́МОРНЫЙ, -ая, -ое мармаралъул, мармаралъул гьабураб

МРАЧНЕ́ТЬ *несов.* 1) (*темнеть*) бецIлъизе 2) (*становиться хмурым*) пашманлъизе, гIунцизе, кьерхине

МРА́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*окутанный мраком*) бецIаб, бецIлъиялъ бацараб, бахчараб 2) *перен. (беспросветный*) захIматаб, бакIаб 3) (*угрюмый*) пашманаб, ракI бекараб; рокьукъаб; **~ые мы́сли** пашманал, рокьукъал пикраби; **~ый взгляд** рокьукъаб балагьи; **~ый вид** пашманаб сипат

МСТИ́ ТЕЛ//Ь *м* рецIел, къисас босулев ◊ **наро́дные ~и** тушманасда данде халкъияб рагъ гьабулел партизанал

МСТИ́ ТЕЛЬНОСТЬ *ж* рецIел боси, бецIи, къисас боси

МСТИ́ ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое рецIел босулев; ~ **челове́к** рецIел босулев, рекIелъ рецIел бугев чи; рецIалил, рецIел босулеб

МСТИТЬ *несов.* рецIел босизе, бецIизе

МТС (*машинно-тракторная станция*) мтс (*машинабазулгун тракторазул станция*)

МУА́Р *м канлъухъе кенчIолеб, кьерагъунеб* дарай, муар

МУА́РОВЫЙ, -ая, -ое муаралъул гьабураб, дарайдул гьабураб

МУДРЕНО́ *нареч. в знач. сказ. безл. разг.* захIмат буго; **э́ то ~ поня́ть** гьеб бичIчIизе захIмат буго ◊ **~ ли** гIажаиблъи, тамашалъи гьабизе ккелищ

МУДР//ЁНЫЙ, -еная, -еное *разг.* 1) бичIчIизе захIматаб; **~ёная зада́ча** захIматаб масъала 2) (*замысловатый*) цогидазулалда релълъинчIеб къагIидаялда гьабураб; **~ёная причёска** батIияб куцалъ ххараб рас; **~ёное и́ мя** тамашаяб цIар; **~ёное де́ло** хIикматаб иш ◊ **у́тро ве́чера ~ене́е** *погов.* (*радал свак чучараб бетIералъул пикру мухIканаб, бегIераб абураб магIнаялда*) радал вахъарасул кьегIер цIуяб

МУДРЕ́Ц *м* тIадегIанаб лъай бугев чи; гIакъилав чи; гIакъил, тIадегIанаб гIакълуялъул чи

МУДРИ́ТЬ *несов. разг.* гIакъиллъун хIазе, гIакъилал жал гьаризеян лъугьине

МУ́ДРОСТ//Ь *ж* гIакъиллъи, гIакълу, бичIчIи буголъи; **жите́йская ~ь** рукIа-рахъин, гIумру гьваридго лъай, бичIчIи ◊ **зуб ~** хIалагIус (*20 сон бан хадуб баккулеб ахирисеб гIус*)

МУ́ ДР//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*обладающий большим умом*) кIудияб гIакълу, хIалбихьи бугев, гIемераб лъай бугев; **~ый челове́к** гIакъилав чи 2) (*основанный на глубоком понимании*): **~ое реше́ние** гIакъилаб, цIодораб, гьваридаб хIукму, гьваридго ургъун, гьабураб хIукму

МУЖ *м* 1) (*мн.* **мужья́**) рос 2) (*мн.* **мужи́**) *уст.* балугъалъиялде вахарав бихьинчи

МУЖА́ТЬ *несов.* 1) (*становиться взрослым*) кIудияв гIезе, чорхолги пикруялъулги рахъалъ цIувезе 2) *перен.* (*крепнуть*) хIалбихьи, къуват щвезе; къвакIизе

МУЖА́ТЬСЯ *несов. хIинкъараб бакIалде, балагьалде ккараб мехалъ* къвакIун, виххичIого чIезе

МУ́ЖЕСТВЕНН//ЫЙ, -ая, -ое бихьинчияб, бахIарчияб, къуркьи гьечIеб; **~ый го́лос** бихьинчияб гьаракь; **~ое реше́ние** бахIарчияб хIукму

МУ́ ЖЕСТВ//О *с* бихьинчилъи, бахIарчилъи, хIинкъи гьечIолъи

МУЖИ́ К *м* 1) *уст.* векьарухъан, росулъ гIумру гьабулев чи 2) *разг. (мужчина*) бихьинчи

МУЖСКО́Й, -ая, -ое бихьиназул, бихьинчиясул; **~ костю́ м** бихьиназул костюм ◊ **~ род** *грам.* чиясул жинс (класс)

МУЖЧИ́ НА *м* бихьинчи

МУ́ ЗА *ж* муза (1 *греказул некIсияб мифологиялда гIелмуя-лъулги искусствоялъулги тIалаб гьабулел аллагьзабазул цояй* 2 *перен. поэтасул пагьмуялде балагьун, гьесул гьунар, бажари*)

МУЗЕ́Й *м* музей; **истори́ческий** ~ историялъул, тарихалъул музей; **краеве́дческий** ~ гIагараб ракь лъазабиялъул (гIагараб ракьалъул тарих, тIабигIат, рукIа-рахъин бихьизабулеб) музей

МУЗЕ́ЙН//ЫЙ, -ая, -ое музеялъулаб ◊ **~ая ре́дкость** некIсияб, къанагIат гурони дандчIвалареб жо

МУ́ЗЫК//А *ж* музыка; **занима́ться ~ой** музыка лъазабизе; **~а на слова́ Пу́шкина** Пушкинил рагIабазе хъвараб музыка (бакъан)

МУЗЫКА́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое 1) музыкаялъул(аб); ~ **инструме́нт** музыкаялъул тIагIел, алат 2) (*одаренный*) музыкаялъе гьунар, махщел бугев; ~ **ребёнок** музыкаялъе гьунар бугеб лъимер 3) (*мелодичный*) гIенеккизе бокьулеб, берцинаб бакъаналъул

МУЗЫКА́НТ *м* музыкант, музыкачи, музыка бачунев чи (пишачи)

МУЗЫКА́НТША *ж* музыка бачуней гIадан

МУ́КА *ж* гIазаб, гIакъуба

МУКА́ *ж* ханжу; **кукуру́зная** ~ цIоросаролъул ханжу

МУКОМО́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое ханжу гьабулеб (ххунеб); **~ая промы́ шленность** ханжу гьабулеб промышленность

МУКОМО́ЛЬНЯ *ж* гьобо; ханжу гьабулеб предприятие

МУЛ *м* гIорцIен (гIалаялде хIама кIанцIун, гьабураб)

МУЛА́Т *м* мулат (*хъахIабги чIегIерабги кьералъул гIадамазул ригьнадасан лъугьараб наслу*)

МУЛА́ТКА *м* мулатай

МУЛЛА́ *м* мулла

МУЛЬТИМИЛЛИАРДЕР *м* гIемермиллиардазул бетIергьан, цIакъго бечедав чи

МУЛЬТИПЛИКАЦИО́ННЫЙ, -ая, -ое мультипликация-лъул; ~ **фильм** мультипликациялъулаб фильм

МУЛЬТИПЛИКА́ЦИЯ *ж* мультипликация (*щибаб рагъарачариялъул батIаго суратги бахъун, экраналда чIагояб гуреб предмет, ясикIаби хьадизарулеб къагIида*)

МУМИЁ, *неизм.* кьурупицI

МУ́ МИЯ *ж* мумия (*дарабаздалъун, туризе течIого, цIунараб жаназа; тIабигIияб гьаваялъул ва ракьул шартIазда бакъван, биххичIого хутIараб жаназа*)

МУНДИ́ Р *м* мундир; **офице́рский** ~ офицерасул мундир

МУНДШТУК *м* муштук

МУНИЦИПАЛИТЕ́Т *м* муниципалитет (*бакIалъулаб гIадлунизам гьабулеб идараялъул ва гьеб жаниб бугеб минаялъул цIар*)

МУРА́ *ж* чIанда, чIобогояб хабар

МУРАВА́ *ж* гIисинаб гIурччинаб лъим хIалаб хер

МУРАВЕ́Й *м* цIунцIра

МУРАВЕ́ЙНИК *м* цIунцIрабазул гохI

МУРАВЬИ́ Н//ЫЙ, -ая, -ое цIунцIрабазул; **~ая ко́чка** цIунцIрабазул гохI

МУРА́ШКИ *мн.*: ~ **по те́лу бе́гают** черхалда гъаргъар бан буго, черх цIунцIрахун буго

МУРЛЫ́ КАТЬ *несов.* мимидизе

МУСКА́Т *м* 1) (*сорт винограда*) мускат (*цIолбол тайпа*) 2) (*сорт вина*) мускат (*чогърол тайпа*)

МУ́ СКУЛ *м* ччобори

МУСКУЛАТУ́ РА *ж* ччорбал

МУСКУЛИ́ СТЫЙ, -ая, -ое риццатал ччорбал ругев, ччорбахарав

МУ́ СОР *м* чороклъи, рищни-къул

МУ́СОРИТЬ *несов.* сверухълъи чорок гьабизе; хъублъи, рищни-къул тезе

МУ́ СОРН//ЫЙ, -ая, -ое рищни-къул балеб (*бакI)*; **~ая ку́ча** рищни-къулалъул гохI; **~ый я́ щик** рищни-къул балеб ящикI

МУСОРОПРОВО́Д *м* чороклъи балеб турба (*борхатаб минаялъул щибаб тIалаялда жанибе рищни базе каратIги бугеб къадалъан лъураб бицатаб турба*)

МУССИ́РОВАТЬ *несов. что (преувеличивать*) *щибниги* кIодо гьабун, понцIозабун бицине; ~ **слу́хи** рагIараб хабар кIодо гьабун бицине

МУСУЛЬМА́НИН *м* бусурманчи

МУСУЛЬМА́НКА *ж* бусурманчIужу

МУСУЛЬМА́НСКИЙ, -ая, -ое бусурбабазул (*дин, гIадат*)

МУСУЛЬМА́НСТВО *с* бусурманлъи, бусурбаби; ислам

МУТА́ЦИЯ *ж* 1) *биол.* мутация (*хIайваназе, гъветI-хералъе тохлъукье ирсалъе хиси лъугьин)* 2) (*у подростков*) балугъалъиялде рахарал гIолилазул гьаракь хиси

МУТИ́ //ТЬ *несов.* 1) *что* хIабургъинабизе; **~ть во́ду** лъим хIабургъинабизе 2) *кого-что перен. (вызывать беспокойство*) рахIат хвезабизе; **~ть люде́й** гIадамазул рахIат хвезабизе, дагIбакъец ккезабизе 3) *кого безл. (тошнить)* ракI сверизабизе; **~т от лека́рства** даруялъ ракI сверизабулеб буго

МУТИ́ //ТЬСЯ *несов.* 1) (*мутнеть*) хIабургъине, гъабугъине; кьер хисизе 2) *перен.* бецIлъизе; биххизе; **созна́ние ~тся** гIакълу, пикру биххулеб буго, бикьакълъулеб буго ◊ **в голове́ ~тся** бетIер сверулеб буго, мехтарав гIадин лъугьунев вуго

МУТНЕ́ТЬ *несов. см.* **мути́ ться**

МУ́ ТН//ЫЙ, -ая, -ое 1) хIабургъараб; гъабугъараб; **~ая вода́** хIабургъараб лъим 2) (*потускневший*) кьерукъаб; **~ое зе́ркало** кьерукъаб матIу; **~ый взгляд** нур свараб балагьи ◊ **в ~ой воде́ рыбу лови́ ть** *погов.* хIабургъараб лъелъ ччугIа кквезе (*чияр захIмалъабаздасан жиндиего пайда босизе*)

МУТЬ *ж* 1) аххакь, щалай, хъублъи 2) *перен. (отсутствие ясности сознания)* пикру биххи, роцIцIараб пикру гьечIолъи, гIакълу биххи

МУ́ ФТ//А *ж* муфта (1 *кверал хинлъизе тIад хколеб, кIиябго рахъалъ рагьараб къвал гIадаб къохьол гьабураб жо*; 2 *тех. турбаби цоцалъ разе гьоркьор лъолел горал*)

МУ́ Х//А *ж* тIутI ◊ **он и ~и не оби́ дит** гьес тIутIгицин къварид гьабиларо; **де́лать из ~и слона́** тIотIол пил гьабизе (тIотIол варани гьабизе)(*гьитIинаб жо кIодо гьабизе*)

МУХОМО́Р *м (гриб)* тIутIал чIвалеб гIурдахIан, щайтIабазул тIагъур

МУЧЕ́НИЕ *с* гIазаб, гIакъуба; кьварилъи

МУ́ ЧЕНИК *м* гIакъуба, кьварилъи бихьарав чи; *дин.* хIалил гъазияв, хIалил шагьид

МУЧИ́ ТЕЛЬ *м* жинца цогидазе гIакъуба кьолев чи, гIазабчи

МУЧИ́ ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое захIматаб, инжитаб, гIазабаб

МУ́ ЧИТЬ *несов. кого-что* гIакъуба, гIазаб кьезе

МУ́ ЧИТЬСЯ *несов.* 1) гIакъуба, кьварилъи хIехьезе, бихьизе 2) *с кем-чем, над чем разг. лъицаниги, сунцаниги* рахIат хвезабизе; **~ над тру́дной задачей** захIматаб суалалда (масъалаялда) тIад гIемер ургъизе

МУЧН//О́Й, -ая, -ое 1) ханжуялъе бугеб; ханжуялъул гьабураб; **~ое блю́ до** ханждал квен 2) *в знач. сущ.*. **~о́е** богIоллъи

МУ́ ШК//А[1] *ж* 1) *уменьш. от* **му́ха** 2) *кIаркьабазда чIегIераб тIанкI, мугьру лъезе рекIинабулеб* чIегIераб мархIамалъул кесек

МУ́ ШК//А[2] *ж воен.* ишан ◊ **взять (брать) на ~у** *кого-что-л. лъидениги, сунденигu* ишан кквезе; *лъиданиги, сунданиги* хадуб хал кквезе

МУШТРА́ *ж* куцай (*беццаб гIадлуялда, бичIчIи гьечIого, рагъуе куцай, гьединабго гIадлуялда тарбия кьей*); магIна гьечIеб куцай

МУШТРОВА́ТЬ *несов. кого-что* цIакъго кьварун куцазе

МУЭДЗИ́ Н *м рел.* как ахIулев чи, будун

МХА, мху *и т. д. род., дат. п. и т.д. от* **мох**

МЧАТЬ *несов.* 1) *кого-что очень быстро везти)* цIакъ хехго вачине, цIвезавизе 2) *см.* **мча́ться** 1

МЧА́ТЬСЯ *несов.* 1) цIакъ хехго рекIун ине, рекеризе 2) *перен. (о времени)* хехго, лъачIого ине (*заман*)

МЩЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **мстить**) къисас, рецIел боси, бецIи

МЩУ *наст. от* **мстить**

МЫ *мест. личн.* (нас, нам, нами, о нас) нилъ, ниж; **~ с тобо́й** дунги мунги; нижги мунги; **нас бы́ ло дво́е** ниж кIигоял рукIана; **к нам е́дут го́сти** нилъехъе (нижехъе) гьалбал рачIунел руго; **э́ то сде́лано на́ми** гьеб нижеца гьабуна (гьабураб буго)

МЫ́ КАТЬ *несов. разг.*: ◊ **~ го́ре** гIакъуба, кьварилъи хIехьезе

МЫКАТЬСЯ *несов. разг.*: ◊ **~ по све́ту** гIакъуба-кьварилъиялда дунял сверизе

МЫ́ ЛИТЬ *несов. кого-что лъиданиги, сунданиги* сапун бахине

МЫ́ ЛИ//ТЬСЯ *несов.* 1) (*мылить себя*) жиндаго сапун бахине 2) полоп базе; **мы́ ло хорошо́ ~тся** сапнада полоп лъикI балеб буго

МЫ́ ЛК//ИЙ, -ая, -ое лъелъ бигьаго биунеб (билъулеб); лъикI полоп балеб; **~ое мы́ ло** лъикI полоп балеб сапун

МЫ́ ЛО *с* сапун

МЫЛОВАРЕ́НИЕ *с* сапун гьаби

МЫЛОВА́РЕННЫЙ, -ая, -ое сапун гьабулеб; **~ заво́д** сапун гьабулеб завод (сапнал завод)

МЫ́ ЛЬНИЦА *ж* сапун лъолеб жо

МЫ́ ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое сапуналъул, сапнал; **~ая пе́на** сапнал полоп; **~ые ру́ки** полпил цIурал, сапун бахарал кверал

МЫС *м* квачI (*бегIерго ралъдалъе, хIоринибе, гIурулъе араб ракьул бутIа, чIва*)

МЫ́ СЛЕННО *нареч.* пикрабалъ, пикру гьабун

МЫ́СЛЕННЫЙ, -ая, -ое пикрияб, пикрабалъ бугеб, къватIибе бахъичIеб; **~ о́браз** пикрабалъ гIуцIараб сипат-сурат

МЫ́ СЛИМ//ЫЙ, -ая, -ое (*возможный*) букIине бегьулеб; **~ое ли э́ то де́ло?** букIине бегьулеб жойищ гьеб?

МЫСЛИ́ТЕЛЬ *м* гIакъил (*гъваридго, философиялъул къагIидаялда пикру гьабулев чи*)

МЫ́ СЛИ//ТЬ *несов.* 1) (*думать, рассуждать*) ургъизе; **логи́ чески ~ть** тартибалда хIисаб гьабизе 2) *кого-что (представлять*) цебе чIезабизе; **как вы ~те э́ то сде́лать?** гьеб кин гьабизе дуда ракIалда бугеб?

МЫСЛ//Ь *ж* пикру; **глубо́кая ~** гъваридаб пикру; **о́браз ~ей** пикрабазул къагIида; **мне в го́лову пришла́ блестя́ щая ~ь** дир ботIролъе бачIана цIакъаб пикру ◊ **без за́дних ~ей** балъгояб жо гьечIого, балъгояб къасд гьечIого

МЫ́ СЛЯЩИЙ, -ая, -ое гъваридго пикру гьабун бажарулев

МЫТА́РСТВО *с разг.* киве-кивениги ккун, гIазаб-гIакъуба чIами; гIазаб-гIакъуба, рухIел бихьи

МЫ́ Т//ЫЙ, -ая, -ое чурараб; **~ые фру́кты** чурараб пихъ

МЫТЬ *несов. кого-что* чуризе; **~ ру́ки** кверал чуризе

МЫТЬЁ *с* (*по гл.* **мыть**) чури ◊ **не ~м, так ката́ньем** гьедин битIун ккечIони, цогидаб къагIидаялъ

МЫ́ ТЬСЯ *несов.* чвердезе; **~ в ба́не** хIамамалда чвердезе

МЫЧА́НИЕ *с* 1) (*животных*) гIергIеди; **~ коро́в** гIачиязул гIергIеди 2) *разг. (неясные звуки*) батIа бахъизе кIолареб гъулгъуди

МЫЧА́ТЬ *несов.* 1) (*о животных*) гIергIедизе 2) *разг. (издавать неясные звуки*) ратIа рахъизе лъаларел гьаркьал гьаризе, гъулгъудизе

МЫШЕЛО́ВКА *ж* гIункIкIазул гудур, къотен

МЫ́ ШЕЧН//ЫЙ, -ая, -ое ччорбазул; **~ая рабо́та** ччорбазул хIалтIи

МЫШИН//ЫЙ, -ая, -ое гIонкIкIолаб; **~ая нора́** гIонкIкIол каратI, рукIун ◊ **~ая возня́** гIиси-бикъинаб жоялъе гIоло рекерахъди

МЫ́ ШКА[1] *ж уменьш. от* **мышь**

МЫ́ ШК//А[2] *ж*: **под ~ой, под ~ами** къвалакь; **под ~у, под ~и** къвалакье

МЫШЛЕ́НИ//Е *с* 1) (*способность мыслить*) пикру гьабизе лъай; **мозг – о́рган ~я** гIадалзул нах буго пикру гьабулеб лага 2) (*по гл.* **мы́ слить**) пикру гьаби, ургъи

МЫШО́НОК *м* гIонкIкIотIинчI

МЫ́ ШЦА *ж* ччобори

МЫШЬ *ж* гIункIкI; **полева́я ~** хурул гIункIкI ◊ **лету́чая ~** *зоол.* къохьолъалкIач, дерго

МЫШЬЯ́ К *м (хим. элемент, ядовитое вещество)* мышьяк

МЫШЬЯКО́ВЫЙ, -ая, -ое мышьякалъул, мышьякалъулаб, мышьяк гьорлъ бугеб

МЭР *м* мэр (*муниципалитеталъул бетIер*); **~ го́рода** шагьаралъул муниципалитеталъул бетIер, мэр

МЮ́ЗИК-ХО́ЛЛ *м* мюзик-холл (*эстрадаялъул театр*)

МЯ́ ГК//ИЙ, -ая, -ое *в разн. знач.* тамахаб; **~ий хлеб** тамахаб чед; **~ий челове́к** хIеренав чи; **~ое наказа́ние** тамахаб тамихI; **~ие во́лосы** хIеренаб рас; **~ое кре́сло** тамахаб тахбакI; **~ие ру́ки** хIеренал кверал; **~ий мета́лл** тамахаб металл; **~ий свет** хIеренаб канлъи; **~ая походка** лъедон унеб гIадаб рилълъин; **~ий ваго́н** тамахаб вагон ◊ **~ий знак** мягкий знак (ь)

МЯ́ ГКО *нареч.* тамахго, хIеренго ◊ **~ выража́ясь** тамахго, хIеренго абуни

МЯГКОСЕРДЕ́ЧНЫЙ, -ая, -ое хIеренаб ракIалъул; **~ челове́к** хIеренав, хIалимав чи

МЯГКОТЕ́ЛОСТЬ *ж перен.* бигьаго чияр асаралда гъоркье ккей, гIамал-хасият гьечIолъи

МЯГКОТЕ́ЛЫЙ, -ая, -ое 1) (*бесхарактерный*) бигьаго чияр асаралде гъоркье кколев; гIамал-хасият гьечIев 2) *разг.* тамахаб, жаниб цIураб къаркъалаялъул

МЯГКОШЕ́РСТНЫЙ, -ая, -ое тамахаб, хIеренаб рас-квас бугеб; **мягкоше́рстные о́вцы** тамахаб квасул гIи

МЯ́ГЧЕ *сравн. ст. к* **мя́гкий** *и* **мя́гко**

МЯГЧИ́ТЬ *несов. что* тамахлъизабизе; бигьа гьабизе; бигьа-лъизабизе

МЯКИ́НА *ж* накку (*лал тIамун, тIорщел бацIцIад гьабун нахъчIвалеб, боцIуе рагIилъун хIалтIизабулеб*)

МЯ́КИШ *м* чадил тамахаб бутIа, жанисачед

МЯ́КОТЬ *ж* 1) чорхол тамахаб бутIа; **~ ладо́ни** огъохъатил тамахаб рахъ 2) *разг. (мясо без костей*) ракьа гьечIеб гьан 3) (*у плодов*) пихъил хъалалда жанисеб бутIа

МЯ́МЛИТЬ *несов. разг.* 1) *что (вяло говорить)* хIинцго, бичIчIуларедухъ, кIалъазе 2) (*действовать медлительно*) хIинцго, гьира гьечIого, иш гьабизе; бизбизиялда вукIине

МЯ́МЛЯ *м, ж разг.* бечIандар, бечIак; хIинцав, вагъарун вахъунарев чи; бизбиз

МЯСИ́СТЫЙ, -ая, -ое 1) гIемер гьан бугеб, гIемер гьан бахъулеб 2) *разг. (толстый*) вицатав, жанив цIурав

МЯСНИ́К *м* къасабчи

МЯСНО́Й, -ая, -ое 1) гьанал; **~ за́пах** гьанал махI; **~ магази́н** гьанал тукен, къасаб тукен 2) гьаналаб; **~ скот** гьаналаб, гьанае хъолеб боцIи

МЯ́СО *с* гьан; гIиял, панзил гьан ◊ **ди́кое** *~ мед.* ругъун сахлъулеб мехалъ бижулеб цIияб гьан; **оторва́ть пу́говицу с ~ом** маргъал ратIлил кесекгун цадахъ тIезе, тIун рехизе

МЯСОКОМБИНА́Т *м* гьанал комбинат (*гIи-боцIи хъолеб ва гьелъул гьан къачIалеб предприятие*)

МЯСОРУ́БКА *ж* гьан буссулеб (ххунеб) машинка

МЯ́ТА *с* сагIан

МЯТЕ́Ж *м* мятеж (*пачалихъалда данде кодоб ярагъгун питна багъаризаби*)

МЯТЕ́ЖНИК *м* мятежалъул гIахьалчи, питначи

МЯ́ТЫЙ, -ая, -ое 1) (*о фруктах*) чIинтIараб, чухIараб 2) (*об одежде*) букIкIараб (сукI-сукIараб) 3) (*о траве*) мерхьараб

МЯТЬ *несов. что* 1) (*разминать*) зуризе; **~ ко́жу** тIом кIвекIизе; **~ гли́ну** хIатI кIвекIизе, мерхьине 2) (*бумагу, одежду*) сукIизабизе, букIкIинабизе; **~ бума́гу** кагъат сукIизабизе, букIкIинабизе

МЯ́ТЬСЯ *несов.* 1) сукI-сукIун ине, букIкIине (*о платье*); **э́та ткань о́чень мнётся** гьаб ххам цIакъ букIкIуна 2) *перен. разг. (смущаться)* нечезе

МЯУ́КАНЬЕ *с (катил)* мимиди

МЯУ́КАТЬ *несов.* мимидизе

МЯЧ *м* торгIо; **игра́ть в ~** торгIо хIазе

МЯ́ЧИК *м уменьш. от* **мяч**

Н

НА[1] *предлог* 1) *с вин. п. (на вопрос «куда»*) *жинда, -де п.*: **положи́ть кни́гу на стол** тIехь столалда лъезе; **сесть на стул** бакIида гIодов чIезе; **взобра́ться на де́рево** гъотIоде вахине; **е́хать на юг** югалде (рекIун) ине; **идти́ на зово́д** заводалде ине 2) *с предл. п. (на вопрос «где») бакI. п.* **кни́га лежи́т на столе́** тIехь столалда буго; **быть на пле́нуме** пленумалда гIахьаллъизе; **пе́рвый на селе́ рабо́тник** росулъ тIоцевесев хIалтIухъан 3) *с вин. п. (при обозначении времени, срока, на который распространяется действие*); **опозда́ть на час** сагIаталъ кватIизе; **на два дня** кIиго къоялъе; **на́ зиму** хасалоялде 4) *с предл. п. (при обозначении отрезка времени, срока завершения действия на вопрос "когда"*) **прие́ду на той неде́ле** тIасияб анкьалъ вачIина; **на днях** гьал къязда; **на зака́те со́лнца** бакъ тIерхьунеб мехалъ; **на рассве́те** рогьалилъ 5) *с вин. п. (при обозначении умножения, деления*); **раздели́ть шесть на́ три** анлъго лъабиде бикьизе; **умно́жить три на три** лъабго лъабилъ кьабизе 6) *с вин. п. (при обозначении сходства с кем-чем-л.*); **он похо́ж на отца́** дов инсуда релълъарав вуго 7) *с вин. п. (при обозначении орудия действия*); **застегну́ть пальто́ на все пу́говицы** тIолалго маргъалаз пальто рахазе; **запере́ть на ключ** кIулалъ рахазе 8) *с предл. п. (при обозначении орудия или средства действия*); **жа́рить на ма́сле** нахулъ бежизе; **игра́ть на скри́пке** чагъанаялда бакъан бачине; **шить на маши́не** машинаялда (машинаялъ) букъизе 9) *с вин. п. (при обозначении физического недостатка*); **глухо́й на одно́ у́х** цояб гIинда гIинкъав 10) *с вин. п. (для кого-чего-л.*) *лъиениги, сундуениги хIажатаб, тараб*; **ко́мната на двои́х** кIигоязе бугеб рукъ 11) *с вин. п. (при обозначении целевого назначения*) *мурад бихьизабулеб мехалъ;* **матери́ал на пла́тье** гурдие ххам; **разреше́ние на прое́зд** ине ихтияр 12) *с вин. п. (при обозначении количественной разницы*) *къадаралъул батIалъи бихьизабизе*; **на ме́сяц ра́ньше** моцIалъ цебе 13) *с предл. п. (при обозначении характера действия, условий, при которых оно совершается) лъугьа-бахъинаслъул хасият, шартI бихьизабулаго*; **ползти́ на животе́** чахьалда хъурщизе ◊ **на пусто́й желу́док** кванирукъ чIобого букIаго (мачIикьго); **на но́вый лад** цIияб куцалъ; **на сле́дующий день** хадусеб къоялде; **на бу́дущий год** тIасияб соналде; **на слу́чай, е́сли …** нагагь гьедин ккани, …; **на на́ших глаза́х** нилъер берда цебе

НА[2] *частица разг. (возьми*) ма; **на тетра́дь** ма тетрадь (*босе*) ◊ **вот тебе́ и на!** ма дуе, босе гьанже!

НА[3]**-** *приставка, употр. при образовании*: 1) *глаголов:* **набра́ть** бакIаризе; **написа́ть** хъвазе; **наткну́ться** тIаде ккезе 2) *существительных*: **нагру́дник** карандабухь; **нарука́вник** къвалидаххел (*хIалтIулеб мехалда, къвалал чороклъичIого рукIине, тIасан ххолел бащдал къвалал (цоябкъвал)*; **наколе́нник** накалдабухь, накалдаххел (*наку цIунизе*) 3) *прилагательных*; **нагру́дный** каранда балеб; **насто́льный** столалда тIад лъолеб; **насте́нный** къадада балеб 4) *наречий*: **на́крепко** щулаго; **на́строго** кьварун; **на́сухо** бакъвазегIан

НАБА́ВИТЬ *сов. что, чего* жубазе; **~ цену́** багьа тIаде жубазе

НАБА́ВКА *ж* (*по гл.* **наба́вить**) тIаде жубай; **~ в цене́** ба-гьаялда тIаде жубараб жо (жубай)

НАБАВЛЯ́ТЬ *несов. см.* **наба́вить**

НАБАЛДА́ШНИК *м* гIансил бетIер, гIансил гIоркь

НАБА́Т *м кьварилъи, хIинкъи ккараб мехалъ балеб* ахIи ◊ **бить в ~** ахIи базе; цIумур кьабун кумекалъе ахIизе

НАБЕ́Г *м* чабхъен; тохлъукье тIаде кIанцIун, тала гьаби

НАБЕ́ГАТЬ *сов.* 1) векериялъ зарал гьабизе 2) векерулаго лъалкIал тезе 3) *спец.* берцинго, лъикI бекеризе ругъун гьабизе (*чу*)

НАБЕГА́//ТЬ *несов.* 1) *см.* **набежа́ть** 2) чабхъад рахъине, чабхъен гьабизе 3) къанагIатго, къокъаб заманалъ *кириниги* щвезе

НАБЕГА́//ТЬСЯ *сов.* 1) гIезегIан, гIорцIизегIан рекерахъдизе;**де́ти вдово́ль ~лись** лъимал гIезегIан рекерахъдана; **~ться до упа́ду** гIодор ккезегIан рекерахъдизе 2) гIемер рекерун, тату хвезе, сваказе

НАБЕЖА́//ТЬ *сов.* 1) *на кого-что (натолкнуться)* векерун унаго, *лъиданиги, сунданиги* тункизе 2) (*о тучах, волнах и т.п.*) циндаго, хехго бачIун, бахчизабизе; **о́блако ~ло на со́лнце** цун бачIун, накIкIуца бакъ бахчизабуна 3) *разг. (скопиться, натечь*) бакIаризе, чвахизе; **~ло по́лное ведро́ воды́** тIубараб ведро лъел чвахана; **~ло мно́го наро́ду** гIемераб халкъ бакIарана; ◊ **на (её) глаза́ ~ли слёзы** (гьелъул) беразда магIу хулана; **~ли проце́нты** процентал (тIаде рачIун) цIикIкIана

НАБЕКРЕ́НЬ *нареч. разг.* гIинда базабун; **наде́ть ша́пку ~** тIагъур, гIинда базабун, лъезе

НА́БЕЛО *нареч.* бацIцIадго; **переписа́ть ~** цIидасан бацIцIадго хъвазе

НА́БЕРЕЖНАЯ *ж* 1) ралъдал, гIурул щула гьабураб рагIал 2) (*улица*) гIурул, лъарал рагIал чIван бугеб къватI

НАБИВА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **наби́ть(ся)**

НАБИ́ВКА *ж* **1.** (*по гл.* **наби́ть**) цIей, бугIи, кьаби **2**. *разг. (материал для наполнения чего-л.*) *щибниги* цIезабизе бугеб жо (цIира, кваскъас); **~ матра́ца** ургуялда жанибе цIира бугIи

НАБИВН//О́Й, -ая, -ое 1) цIун, бугIун хIадур гьабураб; **~ы́е папиро́сы** (танхьица) цIолел папиросал 2) (*насаженный*) тIамураб; **~ые о́бручи** (*чирмакъалазда*) тIамурал горал 3) (*о ткани*) *хасаб куцалъ* накъищ, сурат кьабураб ххам; **~о́й си́тец** сурат кьабун гьабураб кIаланчIад, накъищ, сурат бугеб кIаланчIад

НАБИРА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **набра́ть(ся)**

НАБИ́ТЫЙ, -ая, -ое цIураб; **битко́м ~** бугIун цIураб ◊ **~ дура́к** *разг.* тIубарав гIабдал

НАБИ́ТЬ *сов.* 1) *что чем* цIезе; **~ поду́шку пу́хом** къандалъо хъупил (хIулидал) цIезе 2) *что, чего* кьабизе; **~ гвозде́й в сте́ну** магIал къадалъ кьабизе, чIвазе; 3) *кого-чего (настрелять)* чIвазе; **~ у́ток** ордекал чIвазе 4) *что, чего (разбить)* гъуризе; **~ посу́ды** цIа-

рагI гъуризе 5) *что* бахъинабизе; **~ ши́шку на лбу** надалда гIамгIаро бахъинабизе 6) *что текст. (отпечатать узор*) накъищ кьабизе, бахъизе; **~ си́тец** кIаланчIадалда накъищ кьабизе ◊ **~ брю́хо** чехь цIезабизе; **~ карма́н** бечелъизе; **~ оско́мину** цаби секкенаризе; **~ ру́ку** *на чем-л. сундуениги* ругьунлъизе, махщел босизе; **~ цену́** багьа борхизабизе (*сундулниги*)

НАБИ́//ТЬСЯ *сов.* 1) (*собраться*) кьабун цIезе, гIемерал данделъизе; **в клу́бе ~лось мно́го наро́ду** клубалда гIемерал гIадамал данделъун рукIана 2) *разг. (напроситься*) тIад чIун гьардезе; **~ в го́сти** тIад чIун гьардон, гьоболлъухъ вачинавизе ◊ **~ться битко́м** бугIун цIезе

НАБЛЮДА́ТЕЛЬ *м* хал кколев чи, тохалчи, тIаде балагьулев чи

НАБЛЮДА́ТЕЛЬНОСТЬ *ж* гIисинал лъугьа-бахъинал, ишазул тIолалго рахъал рихьизе гьунар букIин

НАБЛЮДА́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое 1) *лъиданиги, сунданиги* хадуб хал кколев, *сундухъниги* балагьулев; **~ челове́к** бер цIодорав, кинабго жо бихьулев чи 2) *лъиданиги* хадуб хал кквезе, *сундухъниги* балагьизе бугеб; **~ пункт** хал кквезе бугеб бакI (пункт)

НАБЛЮДА́ТЬ *несов.* 1) *кого-что, за кем-чем лъиданиги, сунданиги* хадуб хал кквезе, валагьизе; **~ со́лнечное затме́ние** бакъкквеялъухъ (*бераз*) балагьизе; **~ восхо́д со́лнца** бакъбаккиялъухъ валагьизе; **~ за игро́й ребёнка** лъимадул расандиялъухъ валагьизе; **~ тече́ние боле́зни** унти унеб куцалъухъ (куцалъул хал кквезе) балагьизе; **~ жизнь живо́тных** хIайваназул гIумруялда хадуб хал кквезе 2) *за кем-чем (присматривать) лъиданиги, сунданиги* хадуб хъаравуллъи кквезе; *щибниги* тIубазабиялъухъ балагьизе; **~ за поведе́нием шко́льников** цIалдохъабазул гIадлунизамалда хадуб хал-шал гьабизе

НАБЛЮДА́//ТЬСЯ *несов. (отмечаться)* дандчIвазе, бихьизе, халлъизе; **~ется сниже́ние заболева́емости** унти гIодобе кколеб букIин бихьулеб буго

НАБЛЮДЕ́НИЕ *с* 1) (*по гл.* **наблюда́ть**) балагьи, халкквей (*изучение*); **быть под ~м врача́** тохтурасул балагьиялда гъоркь вукIине 2) (*результат исследования*) *щибниги* лъазабиялъул, цIех-рехалъул хIасил

НА́БОЖНОСТЬ *ж* диналда божи, гьелъул гIадатал тарихIого тIуразари (*какбай, кIалкквей ва гь.ц.*)

НА́БОЖНЫЙ, -ая, -ое динияв, диналда божулев, как балев, кIал кколев, цогидалги диниял гIадатал гIужда тIуразарулев(*чи*); **~ челове́к** динияв чи

НАБО́ЙК//А *ж* 1) (*сапожная*) набойка (*хьитил тIикъваялда, эгъеялда чIвалеб, кьабулеб хъал*); **рези́новые ~и** резиналъул набойкаби 2) *текст. (узор на ткани*) накъиш (терек) кьабураб ххам; ххамида кьабураб терек, накъищ

НА́БОК *нареч.* цо рахъалде, хьибилалдехун; **склони́ ть го́лову ~** бетIер цо рахъалде гьетIизабизе

НАБОЛЕ́ВШ//ИЙ, -ая, -ое 1) унтараб; **~ее ме́сто** унтараб бакI 2) *перен.* цебего барщараб (*нахътIамизе бегьулареб, рекIеда унтулеб, рахIат толареб жоялъул хIакъалъулъ*); **~ий вопро́с** нахътIамизе бегьулареб суал

НАБОЛЕ́//ТЬ *сов.* 1) цIакъ унтизе; **рука́ ~ла** квер цIакъ унтана 2) *перен.* данделъизе, бакIаризе, барщизе; **у меня́ на душе́ ~ло** дир рекIелъ (гIемерал унтаби) данделъун руго, дир рекIеда унтулеб буго

НАБОЛТА́ТЬ[1] *сов. что, чего (наговорить) разг.* хIажат гьечIеб, тIокIаб хабар бицине; **~ глу́постей** гIантал жал рицине

НАБОЛТА́ТЬ[2] *во что (намешать)* чвархъезабун, багъарун жубазабизе, билъизабизе; **~ яи́ц в те́сто** ханал буцараб ханждалъ (хамуралъулъ) журазаризе

НАБО́Р *м* 1) (*по гл.* **набра́ть**) роси; **~ на ку́рсы** курсазде роси 2) *полигр.* хIарпазул зарбу; **рассы́ пать ~** хIарпазул зарбу гIодобе базе, биххизабизе 3) (*комплект*) набор; **~ инструме́нтов** тIагIалабазул набор (данде гьарурал тIагIалаби) 4) (*украшения на поясе, упряжи*) рачлида, чIолохъжоялда (чIолорхъоялда) берцинлъиялъе ралел жал; **серебряный ~ по́яса** рачлида ралел гIарцул гьарурал жал 5) (*учащиеся одного приема*) цо соналъ цадахъ цIализе росарал цIалдохъаби ◊ **~ слов** магIна гьечIеб рагIабазул дандрай, магIна гьечIеб жугьа

НАБО́РНЫЙ, -ая,-ое 1) *полигр.* хIарпазул зарбу гьабулеб; хIарпал рищулеб; **~ цех** хIарпазул зарбу гьабулеб цех 2) (*из отдельных частей*)_батIи-батIиял кесказдасан гьабураб 3) (*с украшениями*) берцинал жалаз къачIараб; **~ по́яс** берцинал жалаз къачIараб рачел

НАБО́РЩИК *м* наборщик (*типографиялда хIарпазул зарбу гьабулев чи*)

НАБО́РЩИЦА *ж* наборщица

НАБРА́СЫВАТЬ[1] *несов. см.* **набро́сить**

НАБРА́СЫВАТЬ[2] *несов. см.* **наброса́ть**

НАБРА́СЫВАТЬСЯ *несов. см.* **набро́ситься**

НАБРА́//ТЬ *сов.* 1) *кого-чего, что* цадахъго яги чанго нухалъ босизе, бакIаризе; **~ть буке́т цвето́в** тIогьол квацIи бакIаризе; **~ть уча́щихся на ку́рсы** курсазде цIалдохъаби росизе 2) *что полигр.* бищизе; **~ть заме́тку пети́том** макъала гIисинал хIарпаз бищизе ◊ **сло́вно воды́ в рот ~л** кIалдибе лъим босараб гIадин (кIалъачIого чIезе); **~ть но́мер телефо́на** телефоналъул номер кьуризе; **~ть очки́** *спорт.* цIикIкIун очкаби росизе; **~ть ско́рость** хехлъи цIикIкIинабизе

НАБРА́ТЬСЯ *сов. кого-чего* цо бакIалда данделъизе; **набрало́сь мно́го наро́ду** гIемер халкъ данделъана ◊ **~ сил** хIалхьиги гьабун, къуват бакIаризе; **~ сме́лости** бахIарчилъи гIезе, къвакIизе; **~ ума́** цIодорлъизе; **с кем поведёшься, от того́ и наберёшься** *посл.* лъилгун гьудуллъи ккуниги, гьесда мунги релълъунев

НАБРЕСТИ́ *сов. на кого-что* тIаде ккезе; **~ на** *чей-л.* **след** *лъилниги* лъалкIалда тIаде ккезе ◊ **~ на уда́чную мысль** лъикIаб пикруялде кантIизе

НАБРОСА́ТЬ *сов.* 1) *что, чего* рехизе, рехун цIезабизе; **~ оку́рков** бухIунхутIазул цIезабизе 2) *что* бахъизе; **~ план до́ма** рукъалъул план бахъизе

НАБРО́СИТЬ *сов. что* цояб цоялде тIаде рехизе; кIвар гьечIого, гIедегIун ретIине, тIаде рехизе; **~ шаль на пле́чи** шал (явлухъ) гъажилде рехизе

НАБРО́СИ//ТЬСЯ *сов.* 1) *на кого-что* тIад речIчIизе, хурхине; **ко́шка ~лась на мышь** кето гIонкIкIода тIад речIчIана 2) *на что* хъантIун тIаделъизе; **~ться на еду́** хъантIун кванде тIаделъизе 3) *на кого разг. (с бранью)* гIайибал гьарулаго, семулаго *лъидениги* тIаделъизе

НАБРО́С//ОК *м* гIаммаб куцалъ бахъараб сурат, чертеж; **~ки рома́на** романалъул байбихьулал, цереккун гьарурал хъвай-хъвагIаял

НАБРЫ́ ЗГАТЬ *сов. что, чего* тIираби щвезаризе

НАБУХА́ТЬ *несов. см.* **набу́хнуть**

НАБУ́Х//НУТЬ *сов.* понцIозе; **~ли по́чки на дере́вьях** гъутIбузда букIдул понцIон (кIодолъун) руго

НАВА́ГА *ж зоол.* навага (*ралъдал ччугIа*)

НАВА́ЛИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **навали́ ть(ся)**

НАВАЛИ́//ТЬ *сов.* 1) *кого-что, на кого-что* хIалица тIад лъезе; **~ть оди́н мешо́к на друго́й** цо хъап цогидалда тIад хIалица лъезе 2) гохI гьабун тIатIала базе 3) (*гьороца хъамун*) цо бакIалде бакIаризе; **~ло мно́го сне́га** гIемераб гIазу цо бакIалде бакIарана 4) **наро́ду мно́го ~ло** гIемераб халкъ данделъана, бакIарана

НАВАЛИ́ТЬСЯ *сов. на кого-что* 1) (*налечь*) тIад вегизе, тIад ваччизе; **~ всей тя́жестью на дверь** тIолабго бакIлъиялдалъун (бугеб рухIалъ) нуцIиде ваччизе 2) *перен.* щидалъ тIаделъизе; **~ на врага́** тушманасде тIаделъизе; **~ на еду́** хъантIун кванде тIаделъизе

НАВА́ЛОМ *нареч.* 1) (*без упаковки*) бухьа-къачIого, бан биччан; **~ грузи́ ть в ваго́ны** вагоназда жанибе бан биччан тезе, гохI гьабун базе 2) *разг. (беспорядочно*) гIадлу-низам гьечIого; **накида́ть** *что-л.* **~** *щибниги* низам гьечIого бан тезе, бан биччазе

НАВА́Р *м* 1) гьагIу; *белъун хадуб* тIад ккараб беэнлъи 2) (*прибыль,нажива*) гъоркь букIаралда тIаде бачIараб бечелъи

НАВА́РИВАТЬ *несов. см.* **навари́ ть**

НАВА́РИСТЫЙ, -ая, -ое беэнаб, бакъваяб; **~ суп** беэнаб чурпа

НАВАРИ́ ТЬ *сов.* 1) *что, чего (сварить)* белъине, белъун хIадур гьабизе; **~ варе́нья** мурапа гьабизе 2) *чего техн.* биине; **~ ста́ли** чаран биине 3) *что тех. (приварить)* регъон кIодо гьабизе; **~ ле́звие топора́** гIощтIол бал регъон кIодо гьабизе

НАВЕВА́ТЬ *несов. см.* **наве́ять 1)**

НАВЕ́ДАТЬ *сов.* ваккизе, щвезе

НАВЕ́ДАТЬСЯ *сов. разг. лъихъениги* щвезе, ваккизе ине; **~ к дру́гу** гьудуласухъе щвезе, ваккизе ине

НАВЕДЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **навести́**): **~ бле́ска** *щибниги* цIвакизаби, къачIай; **~ ору́дий** гIарадабаз ишан боси; **~ мосто́в** кьоял рай; **~ спра́вок** *щибниги* цIехей, баян гьаби

НАВЕ́ДЫВАТЬСЯ *несов. см.* **наве́даться**

НАВЕЗТИ́ *сов.* 1) *кого-что* тункизабизе; тIаде бачине; **~ са́нки на ствол** чанагъал хIоболъ тункизаризе 2) *что, чего* цIикIкIараб къадаралда баччизе; **~ това́ров** къайи цIикIкIараб къадаралда баччизе

НАВЕ́ИВАТЬ *несов. см.* **наве́ять**

НАВЕ́К, наве́ки *нареч.* кидаго, тIолабго гIумруялъ; **наве́ки вме́сте** абадиялъго цадахъ

НАВЕРБОВА́ТЬ *сов. кого* хIалтIуе (*чаналиго чи*) мухьдахъ кквезе; мухьдахъги ккун, гIуцIизе

НАВЕ́РНО 1) *нареч. уст. (наверняка*) ракI чIун, щаклъи гьечIого; **я э́ то зна́ю ~** дида гьеб ракI чIун лъала 2) *в знач. вводн. сл.* батила; **~, так и бу́дет** батила, гьедин букIинеги букIина

НАВЕ́РНОЕ *см.* **наве́рно**

НАВЕРНУ́ТЬ *сов. что* 1) *см.* **наворачивать** 2) (*навинтить*) кьуризе; **~ га́йку** гайка тIад кьуризе 3) (*намотать*) жемизе; **~ кана́т на вал** квар хIосалда тIад жемизе

НАВЕРНУ́ //ТЬСЯ *сов. на что разг.*: **у неё на глаза́ ~лись слёзы** гьелъул бадиб магIу баккана (хулана), магIица гьелъул берал рацана

НАВЕРНЯКА́ *нареч. разг.* 1) (*обязательно*) ракI чIун, дурусго, мухIканго; **он придёт ~** ракI чIун, гьев вачIина 2) (*безошибочно*) хIисабалда, гьалатI ккеларедухъ; **де́йствовать ~** гьалатI ккеларедухъ иш гьабизе

НАВЕРСТА́ТЬ *сов. что* гьоркьоб биччараб хадуб гьабизе; **~ упу́щенное вре́мя** гIадада араб заман нахъ буссинабизе (бецIизе)

НАВЁРСТЫВАТЬ *несов. см.* **наверста́ть**

НАВЁРТЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **наверну́ть(ся)**

НАВЕ́РХ *нареч.* 1) (*на поверхность чего-л.*) тIаде, тIаса; **положи́ ть чемода́н ~** чемодан тIаса лъезе 2) (*вверх*) эхеде; **посмотре́ть ~** эхеде валагьизе

НАВЕРХУ́ *нареч.* тIаса; **он живёт ~** дов рукъалъ тIаса вуго

НАВЕ́С *м* 1) (*крыша*) тIох, тIадхъел, тIокъо; **под ~ом** тIадхъелалда гьоркь, тIокъода 2) (*нависающая часть чего-л.*) тIаде гьетIараб, далараб бутIа; **~ скалы́** кьурул тIаде далараб бакI

НАВЕСЕЛЕ́ *нареч. разг.* дагьаб кепалда; **быть ~** дагьав кепалда вукIине

НАВЕ́СИТЬ *сов.* 1) *что* лъезе; **~ дверь** нуцIа лъезе 2) *что, чего* базе; **~ карти́ ну** сурат базе

НАВЕСТИ́ *сов.* 1) *кого-что (указать направление)* цадахъ вачун бихьизабун *сунденги* тIаде ккезавизе; **~ на след** лъалкIде ккезавизе 2) *кого-что перен. (направить)* рекIеда ватизавизе, щаклъизавизе; **~ на мысль** пикруялде вагьизавизе; **~ на подозре́ние** щаклъизавизе 3) *что (нацелить)* ишан кквезе; **~ винто́вку** тункIица ишан босизе; **~ проже́ктор на самолёт** прожектор самолёталда речIчIизабизе (битIизабизе) 4) *что (покрыть*): **~ лоск** *на что-л. сунденги* сир биччазе 5) *что (придать какой-л. вид*) *кинаб букIаниги* сурат гьабизе; **~ поря́ док** низам гьабизе 6) *кого-что разг. (привести)* рачине; **~ це́лый дом госте́й** рукъ цIурал гьалбал рачине 7) *что (утсроить переправу*) лъезе; **~ мост** кьо лъезе ◊ **~ ску́ку** чIалгIинабизе; **~ спра́вку** *щибниги* цIехезе; **~ страх** хIинкъизаризе

НАВЕСТИ́ТЬ *сов. кого-что лъихъениги* щвезе, ваккизе; **~ больно́го** унтарасухъе щвезе; **~ дру́га** гьудуласухъе ваккизе, щвезе

НАВЕ́ТРЕНН//ЫЙ, -ая, -ое: **~ая сторона́** гьури пулеб рахъ, гьородехун буссараб рахъ

НАВЕ́ЧНО *нареч.* кидагоялъе, даимго, абадиялъго; **земля́ за колхо́зами закрепле́на ~** колхозазда хадуб ракь кидагоялъе щула гьабун буго

НАВЕ́ШАТЬ *сов. что, чего* базе; **~ карти́ н** суратал разе

НАВЕ́ШИВАТЬ *несов. см.* **наве́сить** *и* **наве́шать**

НАВЕЩА́ТЬ *несов. см.* **навести́ ть**

НАВЕ́Я//ТЬ *сов. что, чего* 1) *прям., перен.* пун цадахъ бачине, цадахъ бачун бачIине; **ве́тер ~л прохла́ду** гьороца гьогьоми бачун бачIана, гьороца гьогьоми речIчIизабуна 2) *с.-х.* **~ть пшени́ цы** ролъ гьородахъ биччазе

НА́ВЗНИЧЬ *нареч.* чехьатIаде; **упа́сть ~** чехьатIаде гIодов ккезе

НАВЗРЫ́Д *нареч.*: **пла́кать ~** ракI бекун, гIек-гIекиялда гIодизе

НАВИВА́ТЬ *несов. см.* **нави́ ть**

НАВИГАЦИО́ННЫЙ, -ая, -ое ралъдада гумузда лъедея-лъул; **~ пери́ од** гуми хьвадулеб заман

НАВИГА́ЦИ//Я *ж* 1) гуми хьвади, ралъдада лъедей; **ме́лкие ре́ки недосту́пны для ~и** гIисинал гIорал гуми хьвадиялъе ярагъунаро; **откры́ ть ~ю** гумузул хьвади байбихьизе 2) (*наука*) гамил нух, ралъдалъ гьеб бугеб бакI лъазабулеб гIелму

НАВИНТИ́ТЬ *сов. что* кьуризе; **~ га́йку на ось** хIосида гайка кьуризе

НАВИ́ НЧИВАТЬ *несов. см.* **навинти́ ть**

НАВИСА́ТЬ *несов. см.* **нави́ снуть**

НАВИ́ С//НУТЬ *сов.* 1) дализе, бан хутIизе; **ска́лы ~ли над мо́рем** кьураби ралъдада тIаде далун рукIана 2) *над кем-чем перен.* тIаде гIунтIизе; **~ла опа́сность** хIинкъи тIаде гIунтIана, щвана

НАВИ́СШ//ИЙ, -ая, -ое далараб; **~не бро́ви** даларал кьунсрул

НАВИ́ ТЬ *сов. что, чего* 1) (*намотать*) жемизе; **~ ни́ тки на кату́шку** кун чархида жемизе 2) (*изготовить*) кьурун гьабизе; хьухьине; **~ верёвок** кьурун кварал гьаризе 3) *что (наложить вилами*); **~ се́но на воз** *лъундуз* хер гьакида лъезе

НАВЛЕКА́ТЬ *несов. см.* **навле́чь**

НАВЛЕ́ЧЬ *сов. что на кого-что* хIажалъи гьечIеб, рокьукъаб иш тIаде бачине; **~ на себя́ подозре́ние** жиндаго щаклъи ккезабизе; **~ на себя́ беду́** жиндего балагь бачине

НАВОДИ́ ТЬ *несов. см.* **навести́**

НАВО́ДК//А *ж* 1) (*по гл.* **навести́**) лъей; бацизаби; белъин; **~а моста́** кьо лъей 2) *воен.* ишан боси; **~а ору́дий** гIарадабаз ишан боси; **бить прямо́й ~ой** битIахъе ишан босун, речIчIизе (кьвагьизе)

НАВОДНЕ́НИ//Е *с* лъим кIанцIи; **опа́сность ~я** лъим кIанцIиялъул (лъеца ракьал гъанкъизариялъул) хIинкъи

НАВОДНИ́ТЬ *сов. что кем-чем* гIемераб къадаралъ цIезабизе; **~ ры́ нок това́рами** базар кьайидул цIезабизе

НАВОДНЯ́ ТЬ *несов. см.* **наводни́ ть**

НАВО́ДЧИК *м* 1) *воен.* наводчик (*гIарадаялъул ишан кколев рагъухъан*) 2) (*вор*) цIогьор (*бикъизе бегьулеб бакI бихьизабулев цIогьол гIахьалчи*)

НАВОДЯ́ ЩИЙ, -ая, -ое *щибниги* бичIчIизе, хIажатаб пикруялда тIаде ккезе кумек гьабулеб; **~ вопро́с** бичIчIизе, тIаде ккезе кумек гьабулеб суал

НАВО́З *м* рак, хьил; **ко́нский ~** чол рак

НАВО́ЗИТЬ *несов. (удобрять)* рак базе (*хурибе*), рак бан, беэн гьабизе

НАВОЗИ́ ТЬ *сов. см.* **навезти́**

НАВО́ЗН//ЫЙ, -ая, -ое ракул; **~ая ку́ча** ракул гохI; **~ый за́пах** ракул махI ◊ **~ый жук** *зоол.* ракул (ракулъ букIунеб) оцхIутI, гьосооцхIутI

НА́ВОЛОЧКА *ж* къандалъодал лъел

НАВОРА́ЧИВАТЬ *несов. см.* **наворони́ ть**

НАВОРОВА́ТЬ *сов. что, чего чанцIулго, кигIаналиго къадаралда* бикъизе

НАВОРО́ВЫВАТЬ *несов. см.* **наворова́ть**

НАВОРОТИ́ТЬ *сов. что, чего разг.* гIадлу-низам гьечIого *щибниги* базе; **~ ку́чу камне́й** низам гьечIого гIемераб гамачI базе ◊ **~ вся́ ких глу́постей** гIантал жал рицине

НАВОСТРИ́ ТЬ *сов. что разг.*: **~ у́ши** цIодорго гIенеккизе; **~ лы́ жи** *кивениги* ине яги ине къасдалда вукIине

НАВРА́ТЬ *сов. разг.* 1) *что, чего* гьереси бицине 2) *на кого (наклеветать*) бугьтан лъезе 3) (*допустить ошибку*) гьалатI биччазе (*щибниги гьабулаго, тIубазабулаго*)

НАВРЕДИ́ ТЬ *сов. кому-чему* зарал гьабизе, гIемер зарал гьабизе

НАВРЯ́Д ЛИ *частица* -дайха; **~ он придёт** вачIинадайха гьев (гьев вачIинилан кколаро)

НАВСЕГДА́ *нареч.* кидагоялъе, тIолабго гIумруялъего, миркалъго; **расста́лись ~** миркалъго ратIалъана

НАВСТРЕ́ЧУ *нареч.* данде; **идти́ ~ ве́тру** гьорода данде ине ◊ **пойти́** *кому-л.* ~: а) лъугьинчIого рес гьечIеб жо хехлъизабизе; б) *перен.* кумек гьабизе *(сундулъниги)*

НА́ВЫК *м* ругьунлъи; **трудовы́е ~и** хIалтIул махщел (хIалтIун щварал ругьунлъаби)

НАВЫ́КАТ, навы́кате *нареч.* гIачIихун; **у него́ глаза́ ~** досул гIачIихарал, чIваркьарал берал руго

НАВЫ́ЛЕТ *нареч.* кIийиде борлъун; **он ра́нен пу́лей ~** гъов гуллица кIийиде ворлъун вуго

НАВЫ́ПУСК *нареч.* тIаде биччан; **ходи́ть в брю́ках ~** (*чакмабазда*) тIаде тIаждагIагалги риччан, хьвадизе

НАВЫ́РЕЗ *нареч.* къотIизе ихтияргун, къотIун; **продава́ть арбу́зы ~** (*мату бихьизе*) кесек къотIизе ихтияргун хъарпузал ричизе

НАВЫ́ТЯЖКУ *нареч.* цIан витIун; **стоя́ть ~** цIан витIун чIезе

НАВЬЮ́ ЧИВАТЬ *несов. см.* **навью́ чить**

НАВЬЮ́ЧИТЬ *сов. кого-что* тIад лъезе; **~ осла́** хIамида гьир лъезе, къазе

НАВЯЗА́ТЬ[1] *сов.* 1) *что (привязать)* тIад ххун яги жемун бухьине; **~ кнут на кнутови́ще** цIал цIалагIоркьалда (релъгьалда) бухьине 2) *что, чего (изготовить вязанием)* хьухьине; **~ чуло́к (чулки́**) цIиндиял (квасул щватаби) хьухьине; **~ снопы́ (снопо́в)** гул (гулал) къазе 3) *кого-что кому-чему перен. (заставить принять)* бокьичIониги, хIалица *щибниги* гьабизе, босизе тIамизе

НАВЯЗА́ТЬ[2] *несов. см.* **навя́знуть**

НАВЯЗА́ТЬСЯ *сов. кому разг.* гьардон, тIаса вичIичIого, мурадалде щвезе; **~ со свои́ми сове́тами** жиндирго гIакълабигун тIаделъизе; **~ к** *кому-л.* **в го́сти** живго гьоболлъухъ ахIизавизе (*гьаб-доб бицун*); речI рекIинабизе

НАВЯ́ЗЫВАТЬ *несов. см.* **навяза́ть**[1]

НАВЯ́ЗЫВАТЬСЯ *несов. см.* **навяза́ться**

НАГА́ДИТЬ *сов. прост. (о животных)* билъгьизе 2) *кому перен.* квешлъи гьабизе, къадараб, хIалихьатаб иш гьабизе

НАГА́ЙКА *ж* къокъаб цIал (чIоло къокъаб цIал)

НАГА́Н *м* (*хасаб тайпаялъул гулби лъолеб, чархги бугеб таманча*) наган таманча

НАГА́Р *м* бухIун хутIараб макъар, хъал; **~ на свече́** (*машинаялъул*) свечаялда лъугьараб макъар, хъал

НАГИБА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **нагну́ть(ся)**

НАГИШО́М *нареч. разг.* толохIочго; **бе́гать ~** толохIочон векерахъдизе

НАГЛА́ЗНИК *м* бер цIунизе балеб пардав; **~и для пугли́вой ло́шади** хIинкъулеб чол (*хьибилалда бугеб жо бихьунгутIизе*) чIолорхъоялда ралел пардавал

НАГЛЕ́//ТЬ *несов.* нич тIагIун лъугьине; **он всё бо́лее ~ет** дов тIадеялдаса тIаде нич тIагIун лъугьунев вуго

НАГЛЕ́Ц *м* намусгьечI, хIалихьат, ничгьечI

НА́ГЛОСТЬ *ж* нич, намус гьечIолъи

НАГЛОТА́ТЬСЯ *сов. чего* гIемер къулчIизе; **~ воды́** гIемераб лъим гьекъезе; **~ пы́ли** гIемераб хIур къулчIизе (хахизе)

НА́ГЛУХО *нареч.* 1) гъункун; **~ закры́ть дверь** нуцIа гъункун къазе 2) : **~ застегну́ться** тIолалго маргъалал разе (*гурдил, костюмалъул*)

НА́ГЛ//ЫЙ, -ая, -ое нич гьечIев, хIалихьатав; **~ый челове́к** къадарав чи; **~ое поведе́ние** нахъегIанаб гIамал, хьвада-чIвади

НАГЛЯДЕ́ТЬСЯ *сов.* 1) *на кого-что* гIорцIизегIан балагьизе; **мать не мо́жет ~ на своего́ сы́на** эбел жиндирго васасухъ ялагъун гIорцIуларо 2) *кого-чего (много повидать) щибниги* гIемер бихьизе

НАГЛЯ́ДНО *нареч.* бихьуледухъ; баянго

НАГЛЯ́ДНОСТЬ *ж (убедительность)* якъинлъи, ракI чIезаби, баянлъи 2) (*иллюстративность*) берда бихьулеб букIин

НАГЛЯ́ДН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*убедительный*) бичIчIулеб, баянаб; **~ый приме́р** бичIчIулеб мисал 2) (*иллюстративный*) бихьулеб, мухIканаб; **~ое обуче́ние** бихьизабун цIализари, бихьизабун ругьун гьари

НАГНА́ИВАТЬСЯ *несов. см.* **нагнои́ться**

НАГНА́//ТЬ *сов.* 1) *кого-что (догнать)* хадур гъезе; **~ть бегле́ца** тIурарасда хадур гъезе, *гьев* кквезе 2) *что (наверстать)* бецIизе рес батизе; **~ть упу́щенное** гьоркьоб биччараб бецIизе рес батизе 3) *что и когда–чего разг.* цойиде ракIаризе; **ве́тер ~л дождевы́е ту́чи** гьороца цIадал накIкIал цойиде (цо бакIалде) ракIарана 4) *что, чего на кого-что перен. разг. (вызвать)* ккезабизе; **~ть стра́ху** *на кого-л. лъилниги* рекIелъе хIинкъи ккезабизе, *щивниги* хIинкъизавизе; **~ть спи́ рту** спирт бахъизе ◊ **~ть цену́** кутакалда багьа цIикIкIинабизе

НАГНЕСТИ́ *сов. что тех.* газ, лъамалъи, газ тадецуялъ *сунданиги* жанибе кьабизе, данде гьабизе ◊ **~ давле́ние** *тех.* давление (тIадецуй) цIикIкIинабизе

НАГНЕТА́ТЬ *несов. что тех.* къараб бакIалда данде гьабизе; **~ во́здух** *во что-л.* гьава *сунданиги* жанибе бакIаризе

НАГНОЕ́НИЕ *с* хьордой, рецIцI ккей

НАГНОЙ//ТЬСЯ *сов.* хьордозе, рецIцI ккезе; **ра́на ~лась** ругъун хьордона

НАГНУ́ТЬ *сов. кого-что* гьетIизабизе; **~ ве́тку** гIаркьел гьетIизабизе; **~ го́лову** бетIер къулизабизе

НАГНУ́ //ТЬСЯ *сов.* къулизе; дализе; **ве́тки ~лись** гIаркьалаби далун рукIана; **~ться, что́бы подня́ть** *что-л. щибниги* босизе гIодове къулизе

НАГОВА́РИВАТЬ *несов. см.* **наговори́ть**

НАГОВО́Р *м разг.* 1) (*клевета*) бугьтан, мацI 2) (*заклинание*) дугIа-алхIам (*сундуениги цIалулеб*)

НАГОВОРИ́ //ТЬ *сов.* 1) *что, чего* гIемер бицине; **он ~л мно́го ли́шнего** гъос гIемер тIокIаб, хIажатаб гуреб жо бицана 2) *на кого-что (наклеветать) лъиданиги* бугьтанал лъезе 3) (*при звукозаписи*) хъвазе, бицине; **~ть пласти́нку** пластинкаялда хъвазелъун кIалъазе

НАГОВОРИ́ТЬСЯ *сов.* хIалхьезегIан кIалъазе, гаргадизе; **~ с дру́гом** гьудулгун хIалхьезегIан гаргадизе

НАГ//О́Й, -ая, -ое 1) гIицIав, толохIочарав; **руки бы́ли ~и́е** кверал гIицIго рукIана 2) *перен.* тIад *щибниги* гьечIеб; **~о́й куст** гIицIаб хъарахъ

НА́ГОЛО *нареч.* 1) лъалиниса бахъун (*ярагъ*); **с ша́пками ~** лъалиниса рахъарал хвалчабигун 2) бацIцIад гьабун, *щибниги* течIого; **стри́чь ~** бацIцIад гьабун, къунцIизе

НА́ГОЛОВУ *нареч.* : **разби́ть проти́вника ~** тушман минатахъ (щущахъ) виххизавизе

НАГОЛОДА́ТЬСЯ *сов.* гIемер ракъизе, ракъуца кIвекIизе

НАГО́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое тIад ххам кквечIого, гьабураб (*тIимугъ*)

НАГОНЯ́ ТЬ *несов. см.* **нагна́ть**

НА-ГОРА́ *нареч.*: **вы́дать уголь ~** ганчIил тIурччи шахтаялдаса къватIибе кьезе

НАГОРА́ТЬ *несов. см.* **нагоре́ть**

НАГОРЕ́//ТЬ *сов.* 1) (*дать нагар*) хъалалъ бацизе, хъал лъугьине 2) *безл. кому разг. (о наказании, выговоре*) тамихI гьабизе, выговор щвезе 3) *безл. чего (о горючем, электричестве*) харж гьабизе; **электри́чество ~ло на де́сять рубле́й** анцIго гъурущалде ток бухIун буго

НАГО́РН//ЫЙ, -ая, -ое мугIрузда бугеб, мугIрузулаб; **~ая сторона́** мугIрузулаб рахъ, магIардехун бугеб рахъ

НАГО́РЬЕ *с* муIгIрул, гьезул расалъаби, ритIалаби ругеб ракь

НАГОТ//А́ *ж* толохIочин; **прикры́ть свою́ ~у́** жиндирго (черх) толохIочин бахчизе

НАГОТА́ВЛИВАТЬ *несов. см.* **нагото́вить**

НАГОТО́ВЕ *нареч.* хIадурго; **быть ~** хIадурго рукIине; **держа́ть ~** хIадурго чIезабизе

НАГОТО́ВИТЬ *сов. что, чего* 1) (*запасти*) хIадур гьабизе; **~ дров на́ зиму** хасалоялде цIул хIадур гьабизе 2) (*настряпать*) гIемераб квен гьабизе; **~ сла́дких блюд** гьуинаб татуялъул гIемераб квен гьабизе

НАГОТО́ВИ//ТЬСЯ *сов. чего разг.* гIураб къадаралда хIадур гьабизе, данде гьабизе; **на него́ не ~шься о́буви** гьесие хьитал гьарун (росун), хадур гъоларо, гьесда хадур хьитал гъезаризе кIоларо

НАГРА́БИТЬ[1] *сов. что, чего* талагьизе, бикъизе, бикъун данде гьабизе

НАГРА́БИТЬ[2] *сов.* кьохорхоялъ бакIаризе, данде гьабизе

НАГРА́Д//А *ж* шапакъат, награда; **в ~у** шапакъаталъе; **предста́вить к ~е** наградаялъе вихьизавизе; **высо́кая ~а** тIадегIанаб шапакъат; **~а за до́блестный труд** бахIарчияб, мисалияб захIматалъе (хIалтIуе) гIоло шапакъат; **~а во́ину-погранични́ку за отва́гу** гIурхъи цIунулев рагъухъанасе бахIарчилъиялъе гIоло (кьураб) награда, шапакъат

НАГРАДИ́ //ТЬ *сов. кого-что чем* 1) шапакъат, награда кьезе; **~ть о́рденом** (шапакъаталъе) орден кьезе 2) *перен. (наделить)* кьезе; **приро́да ~ла его́ тала́нтом** тIабигIаталъ гьесие кьун буго гьунар 3) *махс.* тIокIцIар кьезе; сайгъаталъе хъатица кIал чIвазе

НАГРАДН//О́Й, -а́я, -о́е 1) *прил.* шапакъаталъулаб, наградаялъулаб; шапакъатлъун кколеб 2) *в знач. сущ.* **~ы́е** *мн.* награда хIисабалда кьураб гIарац

НАГРАЖДА́ТЬ *несов. см.* **награди́ ть**

НАГРАЖДЕ́НИ//Е *с* шапакъат, награда кьей; **предста́вить к ~ю** наградаялъе вихьизавизе

НАГРЕ́В *м* 1) (*по гл.* **нагре́ть**) бухIизаби, багIаризаби 2) (*по гл.* **нагре́ться**) бухIи, багIари, *гьелъул* даража 3) *техн.* бухIизе, багIаризе гьабулеб жоялъул тIасияб рахъ, площадь

НАГРЕВА́НИ//Е *с* **1.** (*по гл.* **нагрева́ть**) багIаризаби, бухIизаби **2.** (*по гл.* **нагрева́ться**) бухIи, багIари

НАГРЕВА́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое хинлъизабулеб; **~ прибо́р** хинлъизабулеб алат

НАГРЕВА́ТЬ(СЯ) *несов.* **нагре́ть(ся)**

НАГРЕ́//ТЬ *сов. что* хинлъизабизе, бухIизабизе; **со́лнце ~ло песо́к** бакъуца сали хинлъизабуна; **~ть ру́ки** *на чем-л. сунданиги тIаде ккун*, кверал хинлъизаризе ◊ **~ть ру́ки** законияб гуреб кучалъ бечелъизе

НАГРЕ́//ТЬСЯ *сов.* багIаризе, бухIизе; **во́здух ~лся** гьава багIарана

НАГРОМОЖДА́ТЬ *несов.* **нагромозди́ ть**

НАГРОМОЖДЕ́НИЕ *с* 1) (*по гл.* **нагромозди́ть**) гIадлунизам гьечIого, тIатIала бай 2) (*по гл.* **нагромозди́ ться**) гIемераб къадаралда гьаби, цIезаби 3) (*груда*) гохI, гъуни, тIатIала бараб жо

НАГРОМОЗДИ́ТЬ *сов. что, чего щибниги*, гIадлу-низам гьечIого, базе; **~ я́ щики** ящикал, гохI гьабун, разе

НАГРОМОЗДИ́ТЬСЯ *сов.* гIемераб къадаралда, низам гьечIого, данделъизе, бакIаризе

НАГРУБИ́ТЬ *сов. кому* хъачIго, адаб гьечIого, кIалъазе

НАГРУ́ ДНИК *м ретIел цIунизе яги берцинлъиялъе* каранда балеб къокъаб цебебухь, кIалитIу

НАГРУЖА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **нагрузи́ ть(ся)**

НАГРУЗИ́ТЬ *сов.* 1) *кого-что* цIезабизе, тIад лъезе; **~ ваго́н** вагон къайидул цIезабизе 2) *кого чем перен. лъиениги* хIалтIи, тIадкъай кьезе; *~ кого́-л.* **рабо́той** *лъиданиги кинаб бугониги* хIалтIи тIад къазе

НАГРУЗИ́ТЬСЯ *сов. чем* къайи тIад лъезе, гIемер къайи босизе; къайидул цIезе

НАГРУ́ ЗК//А *ж* 1) (*по гл.* **нагрузи́ть**) цIей, лъей; **~а вагоне́ток углём** гIисинал вагонал тIорччол цIей 2) *техн.* **маши́ на рабо́тает с по́лной ~ой** машина тIубараб, гьелъул бугеб къуваталда хIалтIулеб буго 3) *разг.* нагрузка (хIалтIи); **у меня́ в э́ том году́ больша́я ~а** дир исана кIудияб нагрузка (хIалтIи) буго

НАГРЯЗНИ́//ТЬ *сов. разг.* чорок гьабизе; **де́ти ~ли в ко́мнате** лъималаз рукъ чорок гьабун буго (рокъоб чороклъи гьабун буго)

НАГРЯ́ НУ//ТЬ *сов.* тохлъукье, ракIалдаго гьечIого, рачIине, тIаде щвезе, ккезе; **~ли го́сти** ракIалдаго гьечIого, гьалбал рачIана; **~ла беда́** ракIалдаго букIинчIеб балагь, кьварилъи бачIана

НАГУ́ Л *м с.-х.* 1) (*откорм*) хъвезе бугеб гIи-боцIи сагаялда хьихьи 2) (*степень откормленности*) мачIадалъул кьаралъиялъул даража; **сре́дний су́точный ~ скота́** сордо-къоялда жаниб мачIадалда тIаде бачIунеб цIайи

НАГУ́ ЛИВАТЬ *несов. см.* **нагуля́ ть**

НАГУЛЯ́ //ТЬ *сов.* 1) *что, чего* сагаялда кванан, (*хIайванал*) кьаралъизе, бакIлъизе; **о́вцы ~ли жи́ру** гIи кьаралъул буго; **~ть брю́ шко** чехь бицалъизе 2) *прост.* росасе инчIого лъимер гьабизе

НАГУЛЯ́ ТЬСЯ *сов.* хIалхьезегIан, гIемер тира-сверизе

НАД (НАДО) *предлог с тв. п.* 1) (*поверх, выше кого-чего*) тIад, тIасан; **~ две́рью** нуцIида тIад 2) (*при обозначении направленности действия*); **смея́ться над** *кем-л. лъиданиги* тIад велъанхъизе; **рабо́тать ~ кни́ гой** тIехьалда тIад хIалтIизе

НАД– (НАДО–) *приставка (гьелъ лъугьинарула каламалъул бутIаби*): **1.** *глагол*: 1) (*увеличение чего-л.*) *щибниги цIикIкIиналъул, борхалъиялъул магIнаялъул, мас.*: **надстро́ить** (*рукъ*) тIадеги борхат гьабун, базе, тIаде борхат гьабизе 2) (*неполнота действия*) *иш цо бутIаялъ гьабизе, мас.*: **надломи́ть** кьватIизабизе (*тIубан бекичIого*); **надкуси́ть** хIанчIизе (*дагьаб хIанчIизе яги цо бутIа хIанчIизе*) **2**. *прилагательное, мас.*: **надко́стный** ракьаялда тIад бугеб; **надзе́мный** ракьалда тIад бугеб **3.** *предметияб цIар, мас.*: **надбро́вье** нодоялъул кьунсрузда тIадехунисеб бутIа

НАДАВА́ТЬ *сов. что, чего разг. кигIаналиго* къадаралда чанцIулго кьезе; **~ пода́рков** гIемерал (чанцIулго) сайгъатал рикьизе; **~ поручéний** тIатIала тIадкъаял гьаризе; **~ обеща́ний** гIемер (чанцIулго) рагIи кьезе

НАДАВИ́ТЬ *сов.* 1) *что, на что* тIаде цузе; **~ кно́пку** кнопкаялда тIаде цузе 2) *что, чего* чIинтIизабун, данде къан, къан цIцIун бахъизе; **~ со́ку** къан цIцIун, пихъил лъим (сок) бахъизе 3) *кого-чего разг. (уничтожить*) чIвазе, тIагIинаризе; **~ мух** тIутIал чIвазе, чIинтIун хвезаризе

НАДА́ВЛИВАТЬ *несов. см.* **надави́ ть**

НАДА́ИВАТЬ *несов. см.* **надои́ ть**

НАДБА́ВКА *ж см.* **набáвка**

НАДБАВЛЯ́ ТЬ *несов. см.* **набáвить**

НАДБРО́ВН//ЫЙ, -ая, -ое кьунсрузда тIадехунисеб

НАДВИГА́ТЬ *несов. см.* **надви́ нуть**

НАДВИГА́//ТЬСЯ *несов. см.* **надви́нуться**; **~лся ве́чер** маркIачIумех тIаде щолеб, гIагарлъулеб букIана; **~ется гроза́** перхейгун чвахунцIад тIаде гIунтIулеб буго

НАДВИ́ НУТЬ *сов. что на кого-что* тIаде цIазе; **~ ша́пку на́ у́ши** тIагъур гIундузда тIаде цIазе

НАДВИ́НУ//ТЬСЯ *сов. прям., перен.* гIагарлъизе, тIаде щвезе, гIунтIизе; **ша́пка ~лась на лоб** тIагъур бигьа гьабун надалде бачIана; **ту́чи ~лись** накIкIал гIагарлъана; **ста́рость ~лась** херлъи тIаде гIунтIана

НАДВО́ДН//ЫЙ, -ая, -ое лъеда тIасияб; **~ая часть корабля́** гамил лъелъа къватIибе баккараб бутIа

НА́ДВОЕ *нареч. (на две части)* кIийиде; **разре́зать я́ блоко** ~ гIеч кIийиде (кIихIи) къотIизе (хъвалхьине) ◊ **ба́бушка ~ сказа́ла** жеги щиб ккелебали лъаларо

НАДВО́РН//ЫЙ, -ая, -ое: **~ые постро́йки** азбаралда рарал бакIал

НАДВЯЗА́ТЬ *сов. что* 1) (*вязанием*) тIаде хьухьине; **~ чулки** ´ хьухьун щватаби къачIазе 2) (*удлинить*) бацIцIун халат гьабизе; **~ верёвку** квар бацIцIун халат гьабизе

НАДВЯ́ ЗЫВАТЬ *несов. см.* **надвяза́ть**

НАДГРО́БИЕ *с уст.* 1) (*памятник*) зани 2) (*надпись*) зонода гьабураб хъвай-хъвагIай (эпитапия)

НАДГРО́БН//ЫЙ, -ая, -ое 1) хабада тIад бугеб; **~ый па́мятник** хабада тIад гьабураб памятник 2) (*по случаю смерти*) хвеялда бан гьабулеб (*кIалъай*); **~ое сло́во** хабада гьабураб кIалъай, *гьениб* абураб рагIи

НАДЕВА́ТЬ *несов. см.* **наде́ть**

НАДЕ́ЖД//А *ж* мурад тIубаялда божи, хьул; **нет никако́й ~ы на выздоровле́ние** са́хлъиялда щибниги божилъи гьечIо; **подава́ть больши́е ~ы** кIудиял хьулал рукIине, хьулал лъезаризе; ◊ **потеря́ть вся́ кую ~у** тIубанго хьул къотIизе; **пита́ть** *на что-л.* **~у** *сунденги* хьул лъезе, *щибниги* тIубаялда божизе

НАДЁЖН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*внушающий доверие*) тIубанго божизе бегъулеб; **~ый това́рищ** ритIухъав гьалмагъ 2) (*безопасный*) хIинкъи гьечIеб; **~ое ме́сто** щулияб, хIинкъи гьечIеб бакI 3)

(*верный*) мурад тIубалеб, щаклъи гьечIеб; **~ое сре́дство** щаклъи гьечIеб сабаб

НАДЕ́Л *м* 1) (*по гл.* **наделя́ ть**) бутIа кьей, сайгъат гьаби, цIар кьей 2) *ист.* бутIа; **земе́льный** ~ ракьул бутIа (*Россиялда 1861 соналдаса хадуб рекьарухъабазухъе хIалтIизабизе кьураб ракьул бутIа*)

НАДЕ́ЛА//ТЬ *сов. что, чего в разн. знач.* гьабизе; **что он ~л?** щиб гьес гьабун тараб жо? щиб дос гьабураб? **~ть игру́шек** расанкIаби гьаризе; **~ть оши́бок** гъалатIал гьаризе; **~ть хлопо́т** рахIат хвезабизе; **~ть непри́ятностей** лазатбахъиял гьаризе ◊ **~ть мно́го шу́му** гIемер хъуй бахъинабизе, ахIи-хIур гьабизе

НАДЕЛИ́ //ТЬ *сов. кого-что, чем* 1) бикьизе, бутIа кьезе; **~ть землёй** ракьул бутIа кьезе 2) *перен.* кьезе, щвезе; **приро́да ще́дро ~ла его́ спосо́бностями** тIабигIаталъ гьосие барахщичIого, сахаватго кIудияб гьунар, пагьму кьун буго

НАДЕЛЯ́ ТЬ *несов. см.* **наделя́ ть**

НАДЁРГАТЬ *сов. что, чего цо къадаралда* туркIун бахъизе; ~ **лу́ку** (*ракьулъа*) туркIун дагьабго пер бахъизе ◊ **~ цита́т** батIи-батIиял тIахъаздаса, махщел гьечIого, бутIаби (цитатал) росизе

НАДЁРГИВАТЬ *несов. см.* **надёргать**

НАДЕ́ТЬ *сов. что* 1) лъезе, чIвазе (кIаз, тIагъур); ретIине (*ретIел*); **~ плато́к** явлухъ, кIаз чIвазе, къазе; **~ ша́пку** тIагъур лъезе; **~ сапо́г на́ ногу** хIатIида чакма ретIине; **~ пла́тье** гурде ретIине 2) (*покрыть, натянуть*) тIаде цIазе, базе; **~ чехо́л на чемода́н** чемоданалда чехол ххезе; **~ о́рден** орден базе

НАДЕ́//ЯТЬСЯ *несов.* 1) *на кого-что, с неопр. и с союзом* «*что*» божизе, къасд, хьул букIине; **~ться на успе́х** бергьен-лъиялде хьул букIине; **~юсь за́втра верну́ться** метер тIад вуссине къасд буго 2) *на кого-что (полагаться)* мугъчIвай гьабизе, божизе; **я на него́ ~юсь** дир досде хьул буго 3) *в знач. вводн. сл.*: **~юсь, вы меня́ по́няли** божула (хьул буго), дун дуда вичIчIун ватила

НАДЗЕ́МН//ЫЙ, -ая,-ое ракьалда тIад, ракьалда бугеб; **~ая часть расте́ния** гъветI-хералъул ракьалда тIаде баккараб бутIа; **~ые сооруже́ния** ракьалда тIад рарал бакIал

НАДЗИРА́ТЬ *несов. за кем-чем* хал кквезе, хъаравуллъи гьабизе; **~ за поря́дком** гIадлу-низамалда хадуб хал кквезе

НАДЗО́Р *м* 1) (*по гл.* **надзира́ть**) *лъиданиги* хадуб хъаравуллъи гьаби, халкквей; **быть под** *чьим-л.* **~ом** *лъилниги* хъаравуллъиялда гьоркь вукIине 2) надзор (*хъаравуллъи гьабулеб гIадамазул къокъа яги гьеб иш гьабулеб идара*); **санита́рный** ~ санитарияб надзор; **техни́ческий ~** техникияб надзор (хъаравуллъи)

НАДИВИ́ТЬСЯ *сов. кому-чему, на кого-что разг.* хIикмалъизе, тамашалъизе, гIажаиблъизе; **не могу́** ~ хIикмалъи гьабичIого, чIезе кIолеб гьечIо

НАДИРА́ТЬ *несов. см.* **надра́ть**

НАДКО́СТНИЦ//А *ж анат.* рукьбузул хъал *(хIайваназулги гIадамазулги рукьбузда тIад букIунеб, гьел цоцазда рухьинарулеб хъал);* **воспале́ние ~ы** ракьаялъул хъал унти

НАДКУСИ́ ТЬ *сов. что* ца базабизе, хIанчIизе; **~ сли́ву** кокон хIанчIизе

НАДКУ́ СЫВАТЬ *несов. см.* **надкуси́ ть**

НАДЛА́МЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **надломи́ ть(ся)**

НАДЛЕЖ//А́ТЬ *несов. безл. кому-чему с неопр.* букIине, гьабизе, вачIине ккезе; **вам ~и́т яви́ ться в ука́занный срок** мун бихьизабураб заманалда вачIине ккола

НАДЛЕЖА́Щ//ИЙ, -ая, -ее букIине кколеб; мустахIикъаб, рекъараб; **~им о́бразом** букIине кколеб куцалъ; **приня́ть ~ие ме́ры** рукIине кколел тадбирал гьаризе

НАДЛО́М *м* **1.** (*по гл.* **надломи́ ть**) кьватIизаби; **2**. (*по гл.* **надломи́ ться**) кьватIи **3.** (*надломленное место*) кьватIараб бакI **4.** *перен.* ракIбеки, гIодовчIвай; **душе́вный** ~ ракIбеки

НАДЛОМИ́//ТЬ *сов.* 1) *что* кьватIизабизе; **~ть ве́тку** гIаркьел кьватIизабизе 2) *кого-что перен.* загIиплъиззабизе, чучизе гьавизе, дагь гьабизе; **~ть си́лы** къуват дагьлъизабизе; **жизнь его́ ~ла** гIумруялъ дов кьулизавуна, ракI бекизабуна, гIодов чIвазавуна

НАДЛОМИ́ //ТЬСЯ *сов.* 1) (*дать трещину*) кьватIизе; **зуб ~лся** ца кьватIана 2) *перен.* дагьлъизе, къуркьизе, загIиплъизе; **здоро́вье ~лось** сахлъи загIиплъана

НАДМЕ́ННОСТЬ *ж* чIухIи, гIамал кIодолъи, хъитIи; **говори́ ть с ~ю** чIухIун гаргадизе

НАДМЕ́ННЫЙ, -ая, -ое чIухIарав, хъитIарав, гIамал кIудияв; **~ тон** гIамал кIодолъун, кIалъай, пахруго кIалъай

НА́ДО[1] *в знач. сказ. с неопр. кого-что, чего* ккола, хIажа-лъула; **~ посла́ть письмо́** кагъат битIизе ккола; **что вам ~ ?** щиб нужее къварагIараб? **вас-то мне и ~** мунха дие къваригIунго вугев ◊ **~ быть** *вводн. сл. разг.* батизе ккола, бегьула; **~ ду́мать, полага́ть** *в знач. вводн. сл.* батизе бегьула, букIине ккола; **что ~ !** *прост.* щиб къваригIараб? **ведь ~ же!** *разг.* тамаша бихьулищ!

НА́ДО[2] *предлог с тв. п. «над» хIалтIизабула кIиго яги цIикIкIун рагьукъаб гьаракь (гьезул тIоцебесебги “р” яги “л”) бугел рагIабазда цебе, мас.:* **~ мно́ю** дида тIад; **~ лбом** надалда тIад

НАДО- *приставка (см.* **над-**), *хIалтIизабула кIиго яги цIикIкIун рагьукъаб, яги рагьукъаб гьаракьалда хадуб “ь” бугеб мехалъ, мас.*: **надорва́ть, надошью**

НА́ДОБНО *см.* **на́до**

НА́ДОБНОСТ//Ь *ж* хIажалъи, къваригIин; **в слу́чаях ~и** хIажалъи ккани; **име́ть ~ь** *в чем-л. сунденигu* хIажалъи букIине; **по ме́ре ~и** хIажалъараб, къваригIараб мехалъ

НАДОЕДА́ТЬ *несов. см.* **надое́сть**

НАДОЕ́ДЛИВЫЙ, -ая, -ое чIамучIаб, бизара гIемераб; ~ **моти́в** чIамучIаб бакъан; ~ **челове́к** бизара гIемерав чи, чIамучIав чи

НАДОЕ́//СТЬ *сов. кому* чIамучIлъизе, бизарлъизе, чIалгIине; **мне э́ то де́ло ~ло** дида гьеб иш чIалгIана; **~сть про́сьбами** гьардеялъ бизарлъизе (бизара гьабизе)

НАДОИ́ТЬ *сов. что, чего кигIаналиго къадар* бечIчIизе; ~ **молока́** рахь бечIчIизе *(кигIаналиго къадар)*

НАДО́Й *м : ~* **молока́** бечIчIараб рахьдал къадар

НАДО́ЛГО *нареч.* халатаб заманалъ, гIемераб мехалъ; **де́ло затяну́лось ~** иш гIемерго халалъана (халат бахъана)

НАДО́МНИК *м* рокъов хIалтIулев (*жиндаго тIад къараб хIалтIи рокъоб гьабулев)* хIалтIухъан

НАДО́МНИЦА *ж* рокъой хIалтIулей хIалтIухъан

НАДОРВА́ТЬ *сов. что* 1) дагьаб бихъизе; **~ конве́рт** конверт (бухча) дагьаб (*гьитIинаб бакI)* бихъизе 2) *перен. (повредить)* зарал ккезабизе, гIакъуба кьезе; ~ **го́лос** гьаракь кьвинабизе; ~ **здоро́вье** гIемер хIалтун, сахлъи хвезабизе; ~ **свои́ си́лы** жиндирго къуват загIип гьабизе (*захIматаб хIалтIиялъ, кIудияб къварилъиялъ)*

НАДОРВА́//ТЬСЯ *сов.* 1) дагьаб бихъизе, бихъун бачIине; **плато́к ~лся** кIаз басралъиялъ бихъун бачIана 2) *перен. (повредить что-л.)* хIал щвезе, зарар ккезе; **~ться, поднима́я тя́жесть** бакIлъи борхулаго хIал щвезе 3) *перен. (переутомиться*) цIакъ сваказе, тату хвезе

НАДОУ́МИТЬ *сов. кого разг.* гIакълу кьезе, малъа-хъвай гьабизе

НАДПИ́ ЛИВАТЬ *несов. см.* **надпили́ ть**

НАДПИЛИ́ТЬ *сов. что* дагьаб хъухъан тезе, гъорлъе биччачIого, хъухъазе (*чIалу*)

НАДПИСА́ТЬ *сов. что разг. сунданиги* тIад хъвазе; ~ **а́дрес на конве́рте** конверталда (бухчаялда) адрес хъвазе

НАДПИ́ СЫВАТЬ *несов. см.* **надписа́ть**

НА́ДПИС//Ь *ж сунданиги* тIад гьабураб къокъаб хъвай-хъвагIай; **~ь на конве́рте** конверталда гьабураб хъвай-хъвагIай; **древнегре́ческие ~и** некIсиял греказул (*хIамIул къаназда гьарурал*) хъвай-хъвагIаял

НАДРА́ТЬ *сов. что, чего* бахъизе; ~ **кори́** макъар бахъизе ◊ ~ *кому-л.* **у́ши** гIундул кьурун, цIан тамихI гьабизе (гIундул рахъизе)

НАДРЕ́З *м* 1) (*по гл.* **надре́зать**) дагьабго къотIи 2) (*зарубка*) къотIараб бакI; *бегIераб, къотIулеб тIагIелалдалъун* бахъараб рахъ, мухъ; **глубо́кий** ~ гьваридаб рахъ

НАДРЕ́ЗАТЬ *сов. что* тIасан гьитIинаб бакI къотIизе; ~ **арбу́з** (*барщун бугищали лъазе*) хъарпузалъул гьитIинаб бакI къотIизе

НАДРЕЗА́ТЬ *несов. см.* **надре́зать**

НАДРУГА́ТЕЛЬСТВО *с* къабихI, хIакъир, инжит гьари

НАДРУГА́ТЬСЯ *сов. над кем-чем* къабихI, хIакъир, инжит, басра гьаризе

НАДРЫ́ В *м* 1. (*по гл.* **надорва́ть**) би́хъи 2. (*место*) бихъараб бакI, бихъи́ 3. *перен. (угнетенное состояние*) кьваридаб, за-

хIматаб хIал; **он говори́л с ~ом** хIалица кIалъалев вукIана дов ◊ **ка́шлять с ~ом** вихъиледухъ хъегIизе

НАДРЫВА́ТЬ *несов. см.* **надорва́ть** ◊ **надрыва́ть гло́тку** щекъер-мукъулухъ бихъиледухъ кечI ахIизе, ахIдезе

НАДРЫВА́ТЬСЯ *несов.* 1) *см.* **надорва́ться** 2) (*стараться*) (кIвараб) жигар бахъизе; **~ на рабо́те** тIолабго къуват кьун, хIалтIизе 3) (*плакать*) цIакъ гIодизе

НАДСМО́ТР *м* халкквей, балагьи, хъаравуллъи

НАДСМО́ТРЩИК *м* хъаравул, тIад балагьулев чи, тохалчи

НАДСТА́ВИТЬ *сов. что (удлинить*) бацIцIун халат гьабизе

НАДСТА́ВКА *ж* 1) (*по гл.* **надста́вить**) тIаде бацIцIин, жубай, регъей 2) (*надставленная часть*) тIаде жубараб, бацIцIараб бутIа

НАДСТАВЛЯ́ ТЬ *несов.см.* **надста́вить**

НАДСТРА́ИВАТЬ *несов. см.* **надстро́ить**

НАДСТРО́ЕЧН//ЫЙ, -ая, -ое *филос.* тIад бараб, тIад бижараб; **~ые явле́ния** пачалихъалъул кьучIлъун кколеб магIишатияб гIуцIиялда тIад гьелъ рижизарурал политикиял, ихтияралъулал, диниял, философиялъулал пикраби ва гьезда рекъарал политикиял, ихтияралъулал ва цогидалги идараби)

НАДСТРО́ЧНЫЙ, -ая, -ое хъвараб, кьабураб текстaлъул мухъида тIад бугеб; **~ знак** мухъида тIад лъураб гIаламат

НАДТРЕ́СНУТЫЙ, -ая, -ое 1) дагьаб кьватIараб, бихъараб; **~ горшо́к** кьватIараб щагIил хъаба 2) *перен.* сородулеб; зваргъолеб; **~ го́лос** сородулеб гьаракь

НАДУВА́ТЕЛЬСТВО *с разг.* макручилъи, хIарам, гукки, рекIкI, хIиллачилъи

НАДУВА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **наду́ть(ся)**

НАДУВН//О́Й, -а́я, -о́е (*гьаваялъ*) пун цIолеб; **~ы́е игру́шки** (*гьаваялъ*) пун цIолел расанкIаби; **~а́я поду́шка** пун цIолеб къандалъо

НАДУ́ МАННЫЙ, -ая, -ое ургъун бахъараб, пикруялъ бижизабураб; **~ о́браз** хIакъикъаталде данде кколареб, ургъун бахъараб сипат-сурат (образ)

НАДУ́ МА//ТЬ *сов. с неопр. разг.* ургъун бахъизе; хIукму, хIасил гьабизе; **он ~л уе́хать** дос гьаниса ине хIукму гьабун буго

НАДУ́МЫВАТЬ *несов. см.* **наду́мать**

НАДУ́ Т//ЫЙ, -ая, -ое 1) пун цIураб; **~ые балло́ны** пун цIурал баллонал 2) (*высокомерный*) понцIорав, хъитIарав, гIамал кIудияв; **~ый челове́к** пахруяв чи 3) (*обиженный*) *лъицаниги, сунцаниги* къварид гьавурав; ццидал цIурав

НАДУ́ //ТЬ *сов.* 1) *что* понцIозе; **ве́тер ~л парусо́** гьороца парусал (дугъал) понцIозаризе 2) *что, чего безл. (ветром)* бачун бачIине, пузе; **из окна́ ~ло хо́лоду** гордухъан квач пуна 3) *кого-что разг. (обмануть)* рекIкI гьабизе, гуккизе ◊ **~ть гу́бы** *сунданиги* щин бахъун, понцIозе, барщизе, кIутIби буризаризе

НАДУ́ //ТЬСЯ *сов.* 1) понцIон бачIине; понцIозе; дугъдазе; **па́рус ~лся** парус (дугъ) понцIон бачIана 2) *перен. разг. (обидеться)* барщизе, щцин бахъине, понцIон вукIине

НАДУШИ́ТЬ *сов. кого-что* махI берцинаб лъим (духи, одеколон) бахине, щвазе, пунхъизе (*лъидениги-сунденигu*)

НАДУШИ́ ТЬСЯ *сов. чем* одеколон, духи бахун, жиндасаго берцинаб махI бахъинабизе

НАДЪ- *приставка* (*см.* **над**) *хIалтIизабула* ***е, ю, я*** *хIарпазда цебе, мас.*: **надъе́сть** тIаса хIанчIизе; **надъязы́чный** мацIалда тIад бугеб

НАДЫМИ́ТЬ *сов.* кIкIуйдул цIезабизе, кIкIуйтIачинабизе

НАДЫША́ТЬ *сов.* хIухьел биччан, гьава хинлъизабизе; *сунденигu* гьохьун, хIухьел чIвазабизе; гьохьун хинлъизабизе, биинабизе

НАДЫША́ТЬСЯ *сов. сундулниги* махI гIемер босизе; **~ лесны́ м во́здухом** хIалхьезегIан рохьил гьава босизе, цIазе ◊ **пе́ред сме́ртью не надыша́шься** *погов.* жиндир заманалда гьабичIеб ахирисеб лахIзаталда гьабун бажариларо; **мать не надыша́ шится на своего́ сы́ на** эбел жиндирго васасдаса гIорцIулей гьечIо; эбелалъ васасул гьоркьосаго къотIуларе тIалаб-агъаз гьабулеб буго

НАЕДА́ТЬСЯ *несов. см.* **нае́сться**

НАЕДИНЕ́ *нареч.* батIияв чи гьечIого, кIиялго; живго цохIо; **поговори́ ть ~** нугIзал гьечIого, кIиялго цоцазда кIалъазе, кIалъаралъазе

НАЕ́ЗД *м* 1) (*по гл.* **нае́хать**) унаго тунки; тIаде бачин 2) (*набег*) божударекIкI гьабун, тIаде кIанцIи, гьужум гьаби 3) къанагIат ва къокъаб заманаялъ вачIин (вакки)

НАЕ́ЗДНИК *м* рекIарав; чотIахъан

НАЕ́ЗДНИЦА *ж* рекIарай; чотIахъан

НАЕ́ЗДОМ *нареч.*: **быва́ть** *где-л.* ~ къанагIат ва къокъаб заманалъ *кивениги* щвезе (*кивниги* вукIине)

НАЕЗЖА́ТЬ *несов.* вачIине (*къокъаб, дагьаб заманалъ*)

НАЁМ *м* мухьдахъ кквей; **~ кварти́ры** мухьдахъ, гIарац кьун, рукъ кквей; **~ рабо́чих** мухьдахъ хIалтIухъаби кквей

НАЁМНИК *м* 1) *уст. (наемный солдат*) мухьдахъ армиялда хъулухъ гьабулев солдат) 2) *уст. (наемный работник*) мухьдахъ ккурав хIалтIухъан 3) *перен. (наймит)* нахъегIанаб, хIалихьатаб мурадалда чияе хъулухъ гьабулев чи

НАЁМН//ЫЙ, -ая, -ое 1) мухьдахъ ккураб; **~ый рабо́чий** мухьдахъ ккурав хIалтIухъан; **~ые войска́** мухьдахъ ккурал аскарал 2) (*не собственный*) живго бетIергьанаб гуреб; **~ая да́ча** мухь кьун, ккураб дача

НАЕ́СТЬСЯ *сов. чего, чем* гIорцIизегIан кваназе; **~ сла́дкого** гьуинал жал (гьуинлъи) гIорцIизегIан кваназе

НАЕ́ХА//ТЬ *сов.* 1) унаго данд тункизе; **~ть на столб** унаго хIобода тункизе 2) *разг. (приехать*) ракIалдаго гьечIого, рачIине; **го́сти ~ли** ракIалдаго гьечIого, гьалбал рачIана

НАЖА́ЛОВАТЬСЯ *сов. на кого разг. лъидасанниги* гIарзагъине, гIарз бахъизе

НАЖА́РИТЬ *сов.* 1) *что, чего* бежизе; **~ котле́т** котлетал режизе 2) *что разг. (натопить)* багIаризабизе; **~ пе́чку** печь цIакъго боркьизе, багIаризабизе

НАЖА́ТЬ[1] *сов.* 1) *что, на кого-что* тIаде цузе; **~ кно́пку звонка́** цIурмил кнопкаялда тIаде цузе 2) *что, чего* къан цIузе; **~ со́ку** къан цIун, пихъил лъим бахъизе 3) *на кого-что перен. разг. лъиениги* асар, тIадецуй гьабизе; **~ на лентя́ев** кIвахIалал гIадамазе асар гьабизе, хIалтIуде *гьезул* гьира базабизе, *гьел* хIалтIизаризе ◊ **~ на все пружи́ны** киналго ресаздаса пайда босизе; **~ на газ** автомашина боржинабизе

НАЖА́ТЬ[2] *сов. что, чего с.-х.* лъилъизе; **~ ржи** огоб лъилъизе (*кигIаналиго къадар)*

НАЖДА́К *м* наждак (*цIер, махх, гамачI цIвакизабизе, кунчIизабизе, маххул тIагIелал кьавуялдаса рацIцIад гьаризе хIалтIизабулеб хъачIаб кагъат, ххам*)

НАЖДА́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое наждакалъул; **~ая бума́га** наждак кагъат

НАЖИ́В//А *ж* дагь-дагьккун данде гьабураб бечелъи; **не гна́ться за лёгкой ~ой** бигьаго щолеб бечелъиялда хадур лъугьунгутIизе

НАЖИВА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **нажи́ ть(ся)**

НАЖИ́ВКА *ж рыб., охот.* ччугIа, гIалхул чан кквезе гьармахъалда балеб, гудуралда лъолеб кваналеб жо

НАЖИВН//О́Й, -а́я, -о́е: **э́ то де́ло ~ое** гьеб гьабизе, тIубазе кIолеб иш буго

НАЖИ́М *м* хIалгьаби, тIадецуй; **администрати́ вный** ~ хъулухъалъулаб, хIакимлъиялъулаб тIадецуй; **вра́жеский** ~ тушманасул тIадецуй ◊ **писа́ть с ~ом** тIаде цун, бицатго хъвазе; **сде́лать** *что-л.* **под ~ом** *щибниги лъилниги* гучалда гьоркь гьабизе; **под ~ом врага́** тушманасул тIадецуялда гьоркь

НАЖИМА́ТЬ *несов. см.* **нажа́ть**[1]

НАЖИНА́ТЬ *несов. см.* **нажа́ть**[2]

НАЖИ́ТЬ *сов.* 1) *что* данде гьабизе; пайда босизе, хайир щвезе; **~ всё свои́ м трудо́м** кинабго жиндирго захIматалдалъун бакIаризе 2) *кого-что перен.* рокьукъаб иш ккезе, лъугьине; **~ ревмати́ зм** гьуразул унти ккезе ◊ **~ себе́ врага́** жиндиего тушман гьавизе

НАЖИ́ТЬСЯ *сов.* 1) *на чем (обогатиться)* кIудияв хайир щвезе, бечелъизе; **~ на торго́вле хле́бом** тIорщел бичун бечелъи-

зе 2) *разг. (вдоволь пожить) кибниги* гIемер заман тIамизе, гIумру гьабизе; **нажи́лись на да́че** дачаялда чIалгIинегIан мех бана

НАЗА́ВТРА *нареч. разг.* метералде

НАЗА́Д *нареч.* 1) (*в противоположном направлении*) нахъе, нахъехун; **сде́лать шаг ~** гали нахъехун тIамизе; **перевести́ часы́ ~** сагIат нахъе бачине 2) (*обратно*) нахъе; **взять своё обеща́ние ~** кьураб рагIи нахъе босизе 3) (*раньше, прежде*) цебе; **год ~** лъагIелалъ цебе; **неде́лю тому́ ~** анкьалъ цебе 4) (*за спину*) мугъзада нахъа; **заложи́ть ру́ки ~** кверал мугъзада нахъа лъезе (нахъехун кквезе)

НАЗАЛИЗО́ВАННЫЙ, -ая, -ое *лингв.* магIарзул къалахъан бахъулеб (магIарзухъан хIухьел биччан бахъулеб); **~ согла́сный** магIарзухъан бахъулеб рагьукъаб гьаракь

НАЗВА́НИ//Е *с* 1) *сундуениги* кьураб цIар; **~е ме́ста** бакIалъул цIар 2) **~я** *мн. цадахъго росун,* цIарал*;* **в библиоте́ке не́сколько ты́сяч ~й книг** библиотекаялда руго чанго азарго цIаралъул тIахьал

НАЗВА//ТЬ[1] *сов. кого-что* 1) *кем-чем* цIар кьезе, лъезе (*дать имя*); **оте́ц ~л сы́на Юсу́пом** инсуца васасда Юсупилан цIар лъуна 2) (*перечислить*) цIарал рикIкIине; **учени́к ~л гла́вные города́ Евро́пы** цIалдохъанас рикIкIана Европаялъул аслиял шагьарал 3) (*охарактеризовать*) рагIудалъун къимат кьезе; **~ть у́мным** гIакъилавилан цIар чIвазе; **~ть победи́теля** бергьарасул цIар абизе (бергьарасда цIар чIвазе)

НАЗВА́ТЬ[2] *сов. кого разг. (пригласить)* гIемер чи ахIизе; **~ гостёй** гьалбал ахIизе

НАЗВА́ТЬСЯ[1] *сов.* 1) *кем-чем* живго щивали бицине, живго цо пишаялъул чилъун вихьизавизе; **~ инжене́ром** инженер вугилан абизе 2) (*представиться*) жиндирго цIар, фамилия бицине, щиб хIалтIул, хъулухъалъул чияли абизе

НАЗВА́ТЬСЯ[2] *сов. разг.* тIад чIун гьаризе; тIаделъун, тIаса вичIичIого, гьабизабизе; жинцаго гьаризе, бичIчIизабизе; гьардон, тIаса вичIичIого, мурадалде щвезе; **~ в го́сти** живго гьоболлъухъе ахIизавизе

НАЗЕ́МН//ЫЙ, -ая, -ое ракьалда тIад бугеб; **~ая желе́зная доро́га** ракьалда тIасан лъураб маххул нух; **~ые войска́** ракьалда (ракъдада) багъулеб аскар

НА́ЗЕМЬ *нареч. разг.* ракьалде, гIодобе (*бортизе, рехизе*)

НАЗИДА́НИЕ *с* насихIат, малъа-хъвай; *кому-л.* **в ~е** *лъиениги* насихIаталъе, малъа-хъваялъе

НАЗИДА́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое насихIаталъулаб; **~ приме́р** насихIаталъулаб мисал; **~ тон** малъа-хъваялъе, гIакълу кьеялъе хасиятаб гьаракь

НАЗЛО́ *нареч.* квешезего ◊ **как ~** квешезего гIадин

НАЗНАЧА́ТЬ *несов. см.* **назна́чить**

НАЗНАЧЕ́НИ//Е *с* **1.** (*по гл.* **назна́чить**) 1) чIезаби, бихьизаби, мухIканлъизаби; **~е дня отъе́зда** унеб къо чIезаби 2) тIами; **~ на рабо́ту** хIалтIуде тIами **2**. (*цель, задача*) мурад, масъала, борч; **высо́кое ~е писа́теля** хъвадарухъанасул тIадегIанаб борч **3**. (*функция*) аслияб иш, борч, пиша, **испо́льзовать по ~ ю** аслияб борчалда рекъон, пайда босизе ◊ **ме́сто ~я** хIалтIуде тIамураб бакI

НАЗНА́ЧИТЬ *сов.* 1) *что* цебеккунго чIезабизе, бихьизабизе (*заман, щибниги лъугIизаби ва гь.ц.*); **~ день отъе́зда** унеб къо чIезабизе; **~ срок** заман бихьизабизе; **~ пе́нсию** пенсия чIезабизе; **~ цену́** багьа чIезабизе; **~ лека́рство** дару бихьизабизе 2) *кого-что (направить) кивениги, сунденигu* тIамизе; **~ на рабо́ту** хIалтIуде тIамизе

НАЗО́ЙЛИВОСТЬ *ж* бизарлъи, чIамучIлъи, тIаса вичIунгутIи

НАЗО́ЙЛИВ//ЫЙ, -ая, -ое чIамучIав; **~ый челове́к** чIамучIав чи; **~ая му́ха** тIаса бичIуларе тIутI; **~ые мы́сли** рахIат толарел пикраби

НАЗРЕВА́ТЬ *несов. см.* **назре́ть**

НАЗРЕ́//ТЬ *сов.* 1) (*о нарыве*) барщизе (*бокьонацI)* 2) *перен. (стать неизбежным)* нахътIамизе рес гьечIеблъун, чара гье-чIеблъун лъугьине; **вопро́с ~л** суал щвалде щун буго; **~ли собы́тия** лъугьа-бахъинал нахътIамун тезе рес гьечIо

НАЗУБО́К *нареч. разг.* рекIехъе, цIакъ лъикI (*лъазе*); **вы́учить стихотворе́ние ~** кечI рекIехъе лъазабизе

НАЗЫВА́ЕМЫЙ, -ая, -ое: **так ~** жинде гьедин абулеб

НАЗЫВА́ТЬ[1] *несов. см.* **назва́ть**[1] ◊ **~ ве́щи свои́ ми именами́** битIахъе, бугеб куцалъ бадибе абизе

НАЗЫВА́ТЬ[2] *несов. см.* **назва́ть**[2]

НАЗЫВА́//ТЬСЯ[1] *несов.* 1) *см.* **назва́ться**[1] 2) (*носить какое-л. имя*) цIар букIине; **как ~ется эта у́лица?** гьаб къватIалда цIар щиб? **что ~ется** *в знач. вводн. сл.* гьедин абула

НАЗЫВА́ТЬСЯ[2] *несов. см.* **назва́ться**[2]

НАИ- *приставка (тIокIлъиялъул ва дандекквеялъул даражаялъул прилагательноялги наречиялги лъугьинаризе хIалтIизабула) мас.*: **наилу́чший** бищунго лъикIаб, бищунго цIакъаб

НАИБО́ЛЕЕ *нареч.* бищунго лъикI, цIакъ; **~ вы́годно** бищунго цIакъ пайдаяб буго

НАИБО́ЛЬШ//ИЙ, -ая, -ее бищун кIудияб; **~ая часть** бищун цIикIкIараб бутIа; **~ая вы́года** бищун кIудияб хайир

НАЙВНОСТЬ *ж* гIумрудул хIалбихьи, сихIирлъи гьечIолъи; **~ сужде́ния** лъимадул гIадал пикраби; **де́тская ~** лъимадулаб пикру, кIалъай, ракI букIин; гIадатлъи, лъимадулаб божи

НАЙВНЫЙ, -ая, -ое хIалбихьи, сихIру, рекIкI гьечIев; **~ челове́к** лъимер гIадин, сундаго божулев, хIалбихьи, сихIирлъи, рекIкI гьечIев чи

НАИВЫ́СШ//ИЙ, -ая, -ее бищун тIадегIанаб; **~ее достиже́ние** бищун тIадегIанаб бергьенлъи

НАЙГРАНН//ЫЙ, -ая, -ое ургъунго, бихьизе, уйилан ккезе гьабураб; **~ая весёлость** рихьдае гьабулеб рохел

НАИГРА́ТЬ *сов.* 1) *что, чего гIемерал* бакIнал рачине, (хадур-цере) 2) *что* бачине; **~ но́вый моти́в** цIияб бакъан бачине 3): **~ пласти́нку** пластинкаялда хъвазе бакъан *сунданиги* бачине

НАИГРА́//ТЬСЯ *сов.* хIалхьезегIан, чIалгIинегIан хIазе; **де́ти ~лись** лъимал хIалхьезегIан расандана

НАЙГРЫВАТЬ *несов.* 1) *см.* **наигра́ть** 2) *что и без доп. (играть тихо*) гIодобе биччан, гьаругьин бакъан бачине

НАИЗНА́НКУ *нареч.* бегуниса; **вы́ вернуть щу́бу ~** тIимугъ бегуниса бахъизе

НАИЗУ́ СТЬ *нареч.* рекIехъе; **проче́сть стихи́ ~** кучIдул ре-кIехъе цIализе

НАИЛУ́ЧШ//ИЙ, -ая, -ее бищунго лъикIаб; **това́р ~его ка́чества** бищунго лъикIаб тайпаялъул къайи

НАИМЕ́НЕЕ *нареч.* бищунго дагь, гIодобегIан

НАИМЕНОВА́НИЕ *с* цIар; **~ учрежде́ния** учреждениялъул (идараялъул) цIар

НАИМЕНОВА́ТЬ *сов. см.* **назва́ть**[1]

НАИМЕ́НЬШИЙ, -ая, -ое бищун гьитIинаб, бищун дагьаб; **~ риск** бищун дагьаб хIинкъи

НА́ИСКОСЬ *нареч.* хъвалсан, хъвалисун, бокIнидаса бокIниде; **пересе́чь по́ле ~** хур хъвалсан къотIун ине (къотIизе)

НАИХУ́ДШ//ИЙ, -ая, -ее бищунго квешаб, нахъегIанаб, бищунго къадараб; **~ее положе́ние** бищунго квешаб хIал; **~ ий результа́т** бищун гIодобегIанаб, квешаб хIасил

НАЙДЁНЫШ *м уст.* эбел-инсуца рехун тараб, гIодоб батараб лъимер, къватIулъажо

НА́ЙМА *род. п. от* **наём**

НАЙМИ́ Т *м см.* **наёмник 3**

НАЙМУ́ (СЬ), наймёшь(ся) *буд. от* **на́нять(ся)**

НАЙТИ́ [1] *сов.* 1) *кого-что (отыскать*) батизе; **~ поте́рянное** тIагIараб, биларабе батизе; **~ подде́ржку** кумек щвезе; **нашёл до́ма ста́рого дру́га** цевегосев гьудул рокъов ватана; **~ до́ступ** *к чьему-л.* **се́рдцу** *лъилниги* рекIелъе нух балагьизе 2) *кого-что в ком-чём (испытать)* батизе, щвезе, **~ удово́льствие в бесе́де** рохел гара-чIвариялъулъ батизе 3) *кого-что (прийти к мнению)* цо пикруялде, хIасилалде рачIине; **врач нашёл его́ вполне́ здоро́вым** тохтурасда гьев тIубанго чорхолъ витIарав ватана ◊ **~ себя́** жиндирго гьунар, бажари битIун бичIчIизе; **~ смерть** хвезе, къадаралде щвезе; **~ о́бщий язы́к** къотIи-къай гьабизе, цоцазда ричIчIизе

НАЙТИ́ [2] *сов.* 1) *на кого-что* тIаде ккезе, дандчIвазе; 2) *на что* бахчизе, тIаде бачIине; **ту́ча нашла́ на со́лнце** накIкIуца бакъул гор бахчана 3) *на кого-что перен. щивниги* кверде, кодове восизе; **на него́ нашёл страх** дов хIинкъиялъ кверде восана; **на него́ нашла́ тоска́** дов гIодов чIван вукIана 4) (*собраться*) данделъизе, ракIаразе (*гIадамал, газ, лъамалъи ва гь.ц.*); **нашло́ мно́го наро́ду** гIемераб халкъ данделъана ◊ **нашла́ коса́ на**

ка́мень *посл.* (*гIамал-хасият данде кколарел гIадамазул хIакъалъулъ)* харицел ганчIитIе ккана

НАЙТИ́ СЬ *сов.* 1) батизе; **кни́ га нашла́сь** тIехь батана; **нашли́ сь жела́ющие пойти́ туда́** доре ине бокьаралги ратана; **всем нашло́сь де́ло** киназего иш (хIалтIи) батана 2) (*не растеряться*) захIматаб хIалалдаса ворчIизе *(лъай)*; **сра́зу нашёлся, что отве́тить** жавабалъе ргIи гьебсагIатго батана

НАКА́З *м* 1) буюрухъ, тIадкъай, насихIат; **отцо́вский** ~ инсул насихIат, амру 2) (*поручение*) тIадкъай; **~ избира́телей своему́ депута́ту** жидеца рищулез жидерго депутатасе кьураб тIадкъай

НАКАЗА́НИЕ *с* тамихI; **отбы́ть заслу́женное** ~ жиндир такъсиралда рекъараб тамихI тIаса бихьизабизе

НАКАЗА́ТЬ[1] *сов. кого-что* тамихI гьабизе; ~ **вино́вных** гIайибиязе тамихI гьабизе

НАКАЗА́ТЬ[2] *сов. кому уст. (дать наказ)* тIадкъай кьезе

НАКАЗУ́ЕМЫЙ, -ая, -ое *юр.* жиндие гIоло тамихI гьабулеб; ~ **посту́пок** жиндие гIоло тамихI гьабулеб иш

НАКА́ЗЫВАТЬ[1,2] *несов. см.* **наказа́ть**[1,2]

НАКА́Л *м* **1.** (*по гл.* **нака́ливать**) багIаризаби, боркьизаби **2.** (*по гл.* **нака́литься**) кутакалда боркьи, багIари **3.** кутакалда хIалуцин 4. рекIиналъул (кунчIиялъул) даража

НАКАЛЁНН//ЫЙ, -ая, -ое багIаризабураб, боркьараб; **~ый добела́** хъахIлъиледухъ багIаризабураб, боркьараб; **~ый до́красна** цIва баледухъ ◊ **~ая атмосфе́ра** цIакъ хIалуцараб хIал (*халкъазда гьоркьосеб хIал*)

НАКА́ЛИВАНИЕ *с* **1.** (*по гл.* **нака́ливать**) кутакалда багIаризаби, бухIизаби **2.** (*по гл.* **нака́ливаться**) багIари, бухIи, боркьи

НАКА́ЛИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **накали́ ть(ся)**

НАКАЛИ́ТЬ *сов. что* багIаризабизе, боркьизабизе, бухIизабизе; ~ **мета́лл до́красна** махх багIарлъиледухъ багIаризабизе

НАКАЛИ́ //ТЬСЯ *сов.* багIаризе, боркьизе, бухIизе; **утю́ г ~лся** иту цIакъ багIарун буго

НАКА́ЛЫВАТЬ[1,2] *несов. см.* **наколо́ть**[1,2]

НАКАЛЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **накали́ ть(ся)**

НАКАНУ́НЕ 1) *нареч.* цебесеб къоялъ; **он прие́хал** ~ гъов цебесеб къоялъ вачIана 2) *предлог с род. п. сунданиги* цебе; ~ **револю́ ции** революциялда цебе

НАКА́ПАТЬ *сов.* 1) *что* тIинкIизабун *сундулниги цо къадар* тIезе; ~ **лека́рства на хлеб** чадиде дару тIинкIизе; ~ **на ска́терть черни́л** скатерталде щакъи тIинкIизабизе 2) *на кого разг. (наябедничать)* мацI гьабизе

НАКА́ПЛИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **накопи́ ть(ся)**

НАКА́ПЧИВАТЬ *несов. см.* **накопти́ ть** 1, 3

НАКА́ПЫВАТЬ *несов. см.* **накопа́ть**

НАКА́РКАТЬ *сов. что разг. (напророчить)* ричIчI бекизе; ~ **беду́** ричIчI бекун, балагь бачIинабизе; *разг.* гъеду гъагъадун, балагь бачIине

НАКА́Т *м* 1) (*по гл.* **наката́ть**) гири 2) (*ряд бревен или досок*) *сунданиги* тIад тIиритIарал чIалабазул яги хъарщазул кьер; **двойно́й ~ кры́ши** тIохда, кIигъат гьабун, лъурал рахал, хъарщал; 3) *воен.* кьвагьун хадуб гIарада букIараб бакIалде (*нахъе*) гирун бачIин

НАКАТА́ТЬ *сов.* 1) *что, чего* гиризабизе; ~ **бо́чек** чирмаби гиризаризе 2) *что, чего* гуризе, гарал, къаял гьаризе; ~ **белья́** (*чурарал*) шаршавал гуризе 3) *что* гиризабун *сунданиги* сурат, накъищ бахъизе 4) *что* битIизабизе, бокъинабизе; **доро́га была́ хорошо́ ната́тана** нух лъикI бокъинабун букIана 5) *что разг. (быстро написать)* хехго, гIедегIун хъвазе; ~ **письмо́** хехго кагъат хъвазе

НАКАТА́ТЬСЯ *сов. разг.*: ~ **на конька́х** хIалхьезегIан чуленазда (конькабазда) хъештIезе

НАКАТИ́ //ТЬ *сов.* 1) *что, чего щибниги сунденги* гиризабизе; **~ть бо́чку на теле́гу** чирма гьакиде гиризабизе 2) *что стр. (положить ряд брёвен)* тIиритIизе (чIалаби, кьер гьабун, тIиритIизе) 3) *на кого перен.* кверде восизе (*асаралъ, рекIел хIалалъ*); **вдруг на него́ ~ло** ракIалдаго гьечIого, гьев кверде восана, гьесда кверщел гьабуна…

НАКАТИ́//ТЬСЯ *сов.* 1) тIаде бачIине; **волна́ ~лась на бе́рег** карачел ргIалде гьулчана, гьулчун ргIалде бачIана 2) тохлъукье, ракIалда гьечIого, бачIине, лъугьине

НАКА́ТКА *ж см.* **нака́т**[1]

НАКА́ТЫВАТЬ *несов. см.* **наката́ть, накати́ ть**

НАКА́ТЫВАТЬСЯ *несов. см.* **накати́ ться**

НАКАЧА́ТЬ *сов.* 1) *что, чего* насосалъ кьабизе; ~ **воды́** насосалъ лъим кьабизе 2) *что* насосалъ понцIозе; ~ **ши́ ну** насосалъ машинаялъул бер понцIозе 3) *кого перен. прост. (втолковать)* бичIчIизабизе, баян гьабизе 4) *прост.* мехтизегIан гьекъезавизе

НАКА́ЧИВАТЬ *несов. см.* **накача́ть**

НАКА́ШИВАТЬ *несов. см.* **накоси́ ть**

НАКИДА́ТЬ *сов. что, чего (набросать)* рехизе, базе; ~ **по́лный я́щик угля́** ящик цIураб тIурччи базе ((цIураб ящик тIорччол базе)

НАКИ́ ДКА *ж* 1) (*одежда*) (*кьвалал гьечIеб*) гIаба, нахъа балеб жо, мугъзаде рехулеб жо 2) (*на подушку*) кьандалъоялда тIаде рехулеб (тIад тIамулеб) жо 3) *разг. (надбавка)* тIаде жубалеб жо, багьаялда тIаде жубараб жо

НАКИ́ ДЫВАТЬ *несов. см.* **накида́ть, наки́ нуть**

НАКИ́ ДЫВАТЬСЯ *несов. см.* **наки́ нуться**

НАКИ́ НУТЬ *сов.* 1) *см.* **набро́сить** 2) *что разг. (добавить)* жубазе, тIаде рехизе (*багьа*); ~ **рубль** гьурущ тIаде жубазе (*багьаялде*)

НАКИ́ НУТЬСЯ *сов. см.* **набро́ситься**

НАКИПА́ТЬ *несов. см.* **накипе́ть**

НАКИПЕ́//ТЬ *сов.* 1) гьалулеб лъамалъиялда тIад полоп ккезе 2) гьалулеб лъамалъиялда гъоркь аххакь ккезе 3) *перен. (скопиться, собраться) (о каких-л. чувствах, тяжелых переживаниях и т.п.)* тIекъал ишал гIемерлъун, ццин бахъине; **на се́рдце ~ло** ццидаца ракI гьалдолеб букIана

НА́КИПЬ *ж* 1) гьалулеб жоялда тIад кколеб хъублъи, полоп; ~ **на су́пе** чулпаялда тIад ккараб полоп 2) (*в котле*) лъел кьаву

НАКЛА́Д ***м*: быть в ~е** зарар ккезе

НАКЛА́ДКА *ж* 1) (*по гл.* **наложи́ ть**) тIад, тIасан лъей 2) *тех. щибниги* бацизе лъолеб гор 3) (*ошибка*) гъалатI; битIикечIолъи

НАКЛА́ДНО *в знач. сказ.* зарар буго, пайда гьечIо; **э́ то мне бу́дет** ~ гьелъ дие зарар кьезе буго; гьелъул дие пайда гьечIо

НАКЛАДН//О́Й, -а́я, -о́е **1.** 1) (*накладываемый сверху*) тIасан лъолеб; **~ы́е ста́вни** тIасан (нахъасан) лъолел гордал 2): **ло́жка ~о́го серебра́** тIаде гIарац биччараб гъуд 3) (*искусственный, фальшивый*) тIабигIияб гуреб, гьересияб; **~а́я борода́** гъураб мегеж **2**. *в знач. сущ.* **~а́я** *ж (документ)* накладная; **получи́ ть това́р по ~о́й** накладноялдалъун къайи босизе ◊ **~ы́е расхо́ды** хIисабалда рукIинчIел харжал (магIишатиялгун гIуцIиялъулал хIалтIабазе, къайи бикьиялъе гьарурал харжал)

НАКЛА́ДЫВАТЬ *несов. см.* **наложи́ ть**

НАКЛЕВЕТА́ТЬ *сов. на кого лъиданиги* бугьтан лъезе, мацI гьабизе, къваригIел гьечIел харбал тIиритIизаризе

НАКЛЕ́ИВАТЬ *несов. см.* **накле́ить**

НАКЛЕ́ИТЬ *сов.* 1) *что* седезе, регъезе; ~ **ма́рку на конве́рт** конверталда (бухчаялда) марка седезе 2) *что, чего* седон *цо къадар* хIадур гьабизе; ~ **мно́го игру́шек** седон гIемерал расанкIаби хIадур гьаризе

НАКЛЕ́ЙКА *ж* 1) (*по гл.* **накле́ить**) седей; ~ **афи́ ш** афишаби седей 2) (*этикетка*) къайиялда седараб кагъат, этикетка

НАКЛИ́КАТЬ *сов. что, чего уст. разг.:* ~ **беду́** балагь тIаде цIазе, бачине

НАКЛИКА́ТЬ *несов. см.* **накли́ кать**

НАКЛО́Н *м* **1.** (*по гл.* **наклони́ ть**) гьетIизаби, къулизаби **2.** (*по гл.* **наклони́ ться**) къули, гьетIи; ~ **ту́ловища** къаркъалаялъул къули 3) (*покатая поверхность*) лабаллъи, эхеберегIел (*спуск*); эхедерай (*подъем*)

НАКЛОНЕ́НИЕ *с* 1) *см.* **наклО́н** 2) *грам.* наклонение ◊ **повели́ тельное** ~ тIалабияб наклонение

НАКЛОНИ́ ТЬ *сов. что* гьетIизабизе, къулизабизе; ~ **ве́тку** гIаркъел гьетIизабизе

НАКЛОНИ́//ТЬСЯ *сов.* 1) гьетIизе, кIичIизе, гIодобе цIан ине; 2) гIодове къулизе; **ве́тви ~лись** гIаркьалаби гьетIун, далун руго

НАКЛО́ННОСТ//Ь *ж* 1) (*склонность*) *щибниги* бокьи, цIайи букIин; **~ь к му́зыке** кечI-бакъан, музыка бокьи 2) *мн.* **~и** (*привычки*) гIамалал; **дурны́е ~и** квешал гIамалал; гIамал-хасият, квешаб гIамал-хасият

НАКЛО́НН//ЫЙ, -ая, -ое гьетIараб, кIичIараб; цо рахъалде балагьи бугеб ◊ **кати́ ться по ~ой пло́скости** хехго гIамал-хасият хвезе, яхI-намус лъугIизе

НАКЛОНЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **наклони́ ть(ся)**

НАКЛЯ́УЗНИЧАТЬ *сов. разг. лъидасанниги* мацI гьабизе, къваригIел гьечIеб жо бицине

НАКОВА́ЛЬНЯ *ж* рач

НАКО́ЖН//ЫЙ, -ая, -ое тIомода бугеб; **~ые боле́зни** тIомолал унтаби

НАКОЛЕ́ННИК *м* накалдаххел, накалдатIам, накалдабухъ (*наку тунка-гIусиялдаса, цIаялдаса ва гь.ц. цIунизе гьелда ретIунеб, бухьунеб, ххолеб къохьол, чIартил гьабураб жо*)

НАКОЛО́ТЬ[1] *сов. что, чего* (*нарубить*) бичIизе; (*раскрошить*) хъвалхьине; гъуризе; **~ дров** цIул бичIизе; **~ са́хару** чакар гъуризе, гIисин гьабизе

НАКОЛО́ТЬ[2] *сов.* 1) *что (уколоть)* борлъизе; хIунсизе; **~ па́лец** (рукIкIаца) килищ борлъизе 2) *что (прикрепить)* чIвазе, щула гьабизе; **~ цветы́ на грудь** (*кIичIвалеб рукIкIеналъ*) каранда тIугьдул чIвазе 3) *кого* чIвазе, хвезабизе; **~ свине́й** бегIераб лебаллъи къазабун, болъонал хвезаризе 4) *что, чего (вколоть)* къазабизе, чIвазе (*мас., рукIкIен*)

НАКОЛО́ТЬСЯ *сов. сунданиги тIаде ккун,* къазе, *х*Iунчизе; **~ на игóлку** рукIкIен къазе

НАКОНЕ́Ц 1) *нареч. (в конце концов*) ахир-къадги; **он дога́дался ~** ахир-къадги дов нахъгIунтIана 2) *вводн. сл.* ахиралдаги; **почему́, ~, нельзя́ спроси́ ть у това́рищей?** ахиралдаги, щай гьалмагъзабазда гьикъизе бегьулареб? **~то!** ахирги! (*мурад тIубан, разилъун абулеб рагIи*)

НАКОНЕ́ЧНИК *м* 1) тIочIвай; тIогьиб ххолеб лъел; тIогьиб (ахада) чIвараб жо; **~ для карандаша́** къалмил лъел 2) (*стрелы*), чIорил лъел, тIогьибххел

НАКОПА́ТЬ *сов. что, чего* бухъизе; **~ ям** гвендал рухъизе; **~ карто́феля** картошка (бухъун) бахъизе

НАКОПИ́ТЬ *сов. что, чего* бакIаризе, данде гьабизе; **~ де́нег** гIарац бакIаризе, данде гьабизе

НАКОПИ́//ТЬСЯ *сов.* данделъизе, гIемер гIезе; **~лось мно́го дел** гIемерал ишал гIун руго (гIемераб хIалтIи буго)

НАКОПЛЕ́НИ//Е *с* **1.** (*по гл.* **накопи́ ть**) данде гьаби, бакIари **2.** (*по гл.* **накопи́ ться**) данделъи, гIемерлъи **3.** *мн.* **~я** данделъун бугеб гIарац, бечелъи, рикъзи; **сверхпла́новые ~я** планалда тIадеги щвараб пайда, хайир

НАКОПЛЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **накопи́ ть(ся)**

НАКОПТИ́ТЬ *сов.* 1) (*покрыть копотью*) лахI, кIкIуй чIвазабизе, речIчIизабизе 2) (*напустить копоти*) лахI рехизе 3) *что, чего (изготовить копчением*) кIкIуй чIвазабун бакъвазабизе (*гьан*), кьеккинабизе

НАКОРМИ́ ТЬ *сов. кого-что* кваназабизе; **~ коня́** чу кваназабизе

НАКОСИ́ ТЬ *сов. что, чего* бецизе; **~ травы́** хер бецизе

НАКРА́ПЫВА//ТЬ *несов.* лъедерго тIенкIезе, щенезе; **~ет дождь** цIад щенолеб буго

НАКРА́СИТЬ *сов.* 1) *что* релъеналъ бацизабизе, релъеналъ белъине; **~ гу́бы** кIутIби релъине, багIар гьаризе 2) *что, чего (выкрасить) кигIаналиго къадаралда,* релъен бахун, кьер гьабизе

НАКРА́СИТЬСЯ *сов. разг.* жиндирго кIутIбузда, кIаркьабазда, кьунсрузда релъен бахине

НАКРАХМА́ЛИТЬ *сов. что, чего* крахмал билъараб лъадалъ лъезе *(чурараб бусадул къайи, хъахIаб ретIел)*; **~ воротничо́к** гурдил габур крахмалалъулъ бахъизе (чIвазе)

НАКРА́ШЕННЫЙ, -ая, -ое релъен бахараб, белъараб (*релъеналъ*)

НАКРА́ШИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **накра́сить(ся)**

НАКРЕНИ́ //ТЬ *сов. что* цояб рахъалде гьетIизабизе, кIичIизабизе (*гама, гьоко ва гь.ц.*); **воз си́льно ~ло** гьоко цIакъ цояб рахъалде гьетIизабуна

НАКРЕНИ́ //ТЬСЯ *сов.* гьетIизе, гьетIун ине; **са́ни ~лись на пра́вый бок** чанагъал кваранаб рахъалде гьетIана

НАКРЕНЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **накрени́ ть(ся)**

НА́КРЕПКО *нареч.* 1) (*прочно*) щулаго; **~ заби́ть до́сками дверь** нуцIида щулаго хъарщал чIвазе (хъарщалги чIван, нуцIа щула гьабизе) 2) *разг. (решительно*) кьвараб куцалъ, таваккалда (таваккалго)

НА́КРЕСТ *нареч.* хъанчил сураталда, хъвалисун цоцазда тIад лъун

НАКРИЧА́ТЬ *сов. на кого* рази гьечIого, щин загьир гьабун, *лъиданиги* ахIдон кIалъазе

НАКРОМСА́ТЬ *сов. что, чего разг.* къотI-къотIизе, буссбуссун базе; **~ хле́ба** чед къотI-къотIун базе

НАКРОШИ́ТЬ *сов. что, чего* 1) (*измельчить*) хъуризе, бичIчIизе; **~ хле́ба в молоко́** рахьдалъе чед хъуризе 2) (*насорить*) чорок гьабизе; **~ на стол** столалде хъуризе, хъурун чорок гьабизе

НАКРУТИ́ТЬ *сов.* 1) *что (намотать)* жемизе; **~ шпага́т на па́лку** тIеренаб квар тIилида тIад жемизе 2) *что, чего (изготовить кручением*) кьурун гьабизе; **~ верёвок** кьурун кварал гьаризе ◊ **~ хвост** *кому-л. прост. лъидениги* семизе, семун чIезавизе, рачI къазе

НАКРУ́ ЧИВАТЬ *несов. см.* **накрути́ ть**

НАКРЫВА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **накры́ ть(ся)**

НАКРЫ́ТЬ *сов.* 1) *кого-что* тIасан тIамизе; **~ стол ска́тертью** столалда тIад скатерть тIамизе 2) *кого перен. разг. (поймать*) тIад кквезе; **~ на ме́сте преступле́ния** такъсир гьабураб бакIалда тIад кквезе 3) *кого-что воен. (поразить цель*) гIужда щвезе (*гIарада яги миномёт речIчIулелъул, бомба рехулелъул*) ◊ **~ на стол** столалда квен-тIех лъезе, тIутI гIуцIизе, сурпа къачIазе

НАКРЫ́ТЬСЯ *сов.* тIасан *щибниги* ретIине, тIад базе; **~ плащо́м** плащ гъуждузде рехизе, ретIине; *устар.* тIагъур лъезе

НАКУПА́ТЬ *несов. см.* **накупи́ ть**

НАКУПИ́ ТЬ *сов. что, чего щибниги* гIемер бичун босизе; **~ книг** гIемерал тIахьал ричун росизе

НАКУ́РЕННЫЙ, -ая, -ое: **сиде́ть в ~ой ко́мнате** гIемер хъалиян цIан, кIкIуйдул цIураб рокъор гIодор чIезе

НАКУРИ́ ТЬ *сов.* хъалияналъул кIкIуйдул цIезабизе (хъалиян бухIун,кIкIуйдул цIезабизе)

НАЛА́ВЛИВАТЬ *несов. см.* **налови́ ть**

НАЛАГА́ТЬ *несов. см.* **наложи́ ть 4**

НАЛА́ДИТЬ *сов. что* 1) къачIазе; рекъезабизе; **~ стано́к** станок къачIазе 2) (*организовать*) низамалде ккезабизе; **~ произво́дство маши́н** машинаби гьари, къватIире риччай низамалде ккезабизе, низамалде бачине 3) *разг. (настроить)* рекъезабизе; **~ гита́ру** гитара рекъезабизе

НАЛА́ДИ//ТЬСЯ *сов. (пойти на лад*) низамалде, гIадлуялде ккезе; **заня́тия ~лись** дарсал гIадлуялде рачана; **отноше́ния ~лись** гьоркьорлъаби рекъа-решана, рахънире ккана

НАЛА́ДКА *ж* (*по гл.* **нала́дить**) *щибниги* хвараб, хIалтIи биххараб тIагIел рекъезаби, къачIай, хIалтIизаби

НАЛА́ЖИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **нала́дить(ся)**

НАЛА́МЫВАТЬ *несов. см.* **наломáть**

НАЛГА́ТЬ *сов.* 1) гьереси бицине 2) *см.* **наклевета́ть**

НАЛЕ́ВО *нареч.* квегIаб рахъалде; **свернýть ~** квегIаб рахъалдехун ине, сверизе; **~ от до́ма был лес** рукъалъул квечIаб рахъалдехун рохь букIана

НАЛЕГКЕ́ *нареч.* 1) (*без багажа*) тIадагьго, цадахъ къайи гьечIого, дагьаб къайигун; **отпра́виться в путь ~** тIадагьго сапаралде вахъине 2) (*в легкой одежде*) мугьмалго, тIадагьаб ратIлилъ; **вы́йти погуля́ть ~** тIадагьаб (тIеренаб) ратIлилъ, мугьмалго тира-сверизе рахъине

НАЛЕЗА́ТЬ *несов. см.* **нале́зть**

НАЛЕ́З//ТЬ *сов. разг.* 1) *на кого-что и без доп. (об одежде, обуви и т.п.*) ретIел, хьит гьине, рекъон ккезе; **сапоги́ е́ле ~ли** чакмаби хIалица гьана 2) (*в большом количестве*) тIаде рахине; **~ли насеко́мые** гIемераб хIутI-хъумур тIаде бахана 3) *на кого-что (надвинуться*) цоцазда тIаде рахине; **льди́ на ~ла на льди́ ну** цIер цIералда тIаде бахана

НАЛЕПИ́ ТЬ *сов.* 1) *что разг. (наклеить*) седезе; **~ ма́рки на конве́рт** конверталда маркаби седезе 2) *что, чего (лепя, наготовить)* гьабизе (*хIамIул*); **~ фигу́рок из гли́ны** хIатIул ясикIаби, васикIаби гьаризе

НАЛЕПЛЯ́ ТЬ *несов. см.* **налепи́ ть**[1]

НАЛЁТ *м* 1) (*по гл.* **налете́ть**) гьужум, чабхъен, тохлъукьего тIаде кIанцIи 2) (*нападение, атака*) гьужум, тIадекIанцIи; **возду́шный ~** гьаваялдасан гьабулеб гьужум 3) (*грабеж*) талавур, тала гьаби 4) (*тонкий слой чего-л.*) тIеренаб хъал; **~ пы́ ли** хIурул

хъал 3) *мед.* **~ на языкé** мацI пулхин, *гьелда тIад лъугьараб* хъахIаб хъал ◊ **с ~а, с ~у** лъалхъичIого, бачIинахъего; ургъичIого

НАЛЕТА́ТЬ[1] *несов. см.* **налете́ть**

НАЛЕТА́//ТЬ[2] *сов. что, чего ав. гIаммаб куцалъ цо кигIаналиго* манзилалъ воржине, *кигIаналиго* заман гьаваялда базе; **лётчик ~л дéсять ты́сяч киломéтров** летчик гьаваялдасан анцIазарго километралъ воржун вуго

НАЛЕТЕ́//ТЬ *сов.* 1) *на кого-что (натолкнуться*) тункизе, речIчIизе; **~ть на столб** хех унаго, хIобода тункизе 2) *на кого-что (напасть*) *лъидениги* гьужум гьабизе; **я́стреб ~л на кур** хъарчигъаялъ гIанкIабазде (гIанкIуязде) гьужум гьабуна 3) (*о ветре, шквале*): **~ла бу́ря** буран тохлъукье бачIана 4) (*слететься*) данделъизе, цо бакIалде роржине; **~ли му́хи** гIемерал тIутIал рещтIана 5) (*осесть, скопиться*) бетизе; **на стёкла ~ла пыль** цIурдузда хIур бетана, чIана

НАЛЁТЧИК *м* хъамалчи, талавурчи

НАЛЕ́ЧЬ *сов.* 1) *на кого-что (навалиться, опереться*) тIаде ваччизе; **~ гру́дью на стол** (кереналъ) керенги цузабун, столалда ваччизе 2) *на кого-что (надавить)* цузе; **~ плечо́м на дверь** кIигъежалъ нуцIа цузе 3) *на что перен. (энергично действовать*) жигаралда тIаделъун, иш, хIалтIи гьабизе; **~ на рабо́ту** жигаралда хIалтIуде тIаделъизе ◊ **~ на еду́** кванде тIаделъизе

НАЛИ́В *м* 1) (*по гл.* **нали́ть**) тIей 2) (*созревание*) барщи; **~ зерна́** мугь барщи, цIубай ◊ **бе́лый ~** (*сорт яблок*) хъахIгIеч

НАЛИВА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **нали́ ть(ся)**

НАЛИ́ ВКА *ж* 1) (*по гл.* **нали́ ть**) тIей 2) (*настойка*) наливка, пихъил бахъараб гьуинаб гьекъел

НАЛИВН//О́Й, -а́я, -о́е 1) (*служащий для перевозки жидких грузов*) лъамияб цIатари *ва гь. ц.* баччулеб; **~ о́е су́дно** лъамияб цIатари баччулеб гама 2) (*созревший, сочный*) барщараб, лъимхIалаб; **~о́е я́блоко** барщараб гIеч 3) (*приводимый в движение водой*) (*тIаса гъоркье чвахулеб*) лъеца хIалтIизабулеб (*раква, чарх*); **~а́я ме́льница** лъел гьобо

НАЛИ́М *м зоол.* налим ччугIа (*бацIцIадаб лъелъ букIунеб тIанкIалги ругеб*)

НАЛИНОВА́ТЬ *сов. что, чего* мухъал цIазе; **~ бума́гу** кагътида мухъал цIазе

НАЛИ́П//НУТЬ *сов. на что* рекIине; **грязь ~ла на сапоги́** хIарщ чакмабазда рекIана

НАЛИТ//О́Й, -а́я, -о́е 1) (*сочный*) сок гIемераб, барщараб, тIагIамаб; **~о́е я́ блоко** барщараб гIеч 2) (*полный, пышный*) жаниб цIураб, цIубараб (*лага-черх*)

НАЛИ́ТЬ *сов. что, чего* тIезе; **~ стака́н молока́** стакан рахьдал тIезе; **~ в бо́чку воды́** кьолонибе лъим тIезе 2) (*разлить, пролить*) гIодобе тIезе; **~ воды́ на пол** лъим чIарбиде тIезе ◊ **как свинцо́м нали́т(ый)** тIухьи жанибе тIураб гIадин, (бакIлъун буго)

НАЛИ́//ТЬСЯ *сов.* 1) (*натечь*) чвахизе; **вода́ ~лáсь в ло́дку** лъим расаялъубе чвахана 2) (*стать сочным*) барщизе, жаниб цIезе; **я́ блоки уже́ ~ли́ сь** гIеч барщун буго ◊ **глаза́ ~лись кро́вью** (хIалщвеялъ, щидаца) берал билбагIарлъана

НАЛИЦО́ *нареч. в знач. сказ. (здесь, присутствуют*) гьаниб, берда цебе; **все свиде́тели ~** киналго нугIзал гьанир руго; **доказа́тельства ~** тIолалго хIужжаби баян руго; **преступле́ние ~** такъсир щаклъи гьечIеб, берда бихьулеб буго

НАЛИ́ЧИ//Е *с щибниги* букIин; **~е книг в библиоте́ке** библиотекаялда тIахьал рукIин; **быть (име́ться) в ~и** хIажатаб мехалъ букIине

НАЛИ́ЧНИК *м* 1) наличник, цIулал карниз (*нуцIида, гордуялда сверун гьабураб хъорщол рама*); **~и окна́** гордуялъул наличникал 2) (*металлическая пластинка для замка*) нуцIида, гьанисида бугеб кIуликартIида тIад чIвалеб маххул планка (чIоло)

НАЛИ́ ЧНОСТ//Ь *ж* 1) (*наличие*) *щибниги* букIин; **все маши́- ны в ~и** киналго машинаби жидер бакIазда руго 2) (*количество чего-л. на данное время*) гьабсагIаталда *сундулниги* бугеб къадар; **~ь това́ров** бугеб къайи-матахI 3) (*деньги, имеющиеся налицо*) кодоб бугеб гIарац; **ка́ссовая ~ь** кассаялда бугеб гIарац

НАЛИ́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*имеющийся налицо*) гьабсагIат бугеб, берда цебе бугеб; **~ый соста́в рабо́чих** гьабсагIат ругел хIалтIухъаби; **~ые де́ньги** бугеб гIарац 2) *в знач. сущ.* **~ые** *мн.* бугеб гIарац; **плати́ть ~ыми** гIарцудалъун мухь кьезе; **получи́ть ~ыми** гIарцудалъун босизе, цвезе ◊ **за ~ый расчёт** кодобе гIарац кьун, гьабулеб расчет (хIисаб–суал)

НАЛОВИ́ТЬ *сов. что, кого-чего* кквезе; **~ ры́бы** (*кигIаналиго*) ччугIа кквезе

НАЛОВЧИ́ //ТЬСЯ *сов. с неопр. разг. (приобрести навык*) ругьунлъизе, хIалбихьи щвезе; **он ~лся управля́ть маши́ной** гъов машина бачине ругьунлъун вуго

НАЛО́Г *м* налог (*пачалихъалъ чIезабураб роценалда фабрик-заводалъ, идарабаз, гIадамаз кьолеб магъало, налог*); **подохо́дный ~** щолеб доходалдаса (хайиралдаса) гIадамаз пачалихъа-лъе кьолеб магъало, налог; **сельскохозя́йственный ~** росдал магIишаталъул налог; **облага́ть ~** налог лъезе

НАЛО́ГОВ//ЫЙ, -ая, -ое налогалъулаб; **~ая систе́ма** налогалъулаб гIуцIи (система), налогал лъолеб къагIида

НАЛОГОПЛАТЕ́ЛЬЩИК *м* налог кьолев чи

НАЛОЖЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **наложи́ ть**) 1) тIасан лъей; къай; баци; чIвай; 2) (*резолюция и т.п.*) (*резолюция*) лъей

НАЛО́ЖЕНН//ЫЙ, -ая, -ое: **отпра́вить ~ым платежо́м** битIаралъухъ гIарацги кьун, почалъ поездалда битIизе, мухьги кьун, битIизе

НАЛОЖИ́ ТЬ *сов.* 1) *что* тIасан лъезе, *сунданиги* тIад лъезе; **~ компре́сс** компресс лъезе 2) *что (поставить)* чIвазе; **~ печа́ть** мугьру чIвазе, лъезе 3) *что, чего (уложить)* лъун цIезабизе; **~ белья́ в чемода́н** гъоркьан ретIелалъул чемодан цIезабизе 4) *что (подвергнуть)* тамихI гьабизе**; ~ штраф** *на кого-л.* штраф къо-тIизе; **~ наказа́ние** тамихI гьабизе **~ отпеча́ток** *на кого-что жиндирго* лъалкI тезе; асар гьабизе; **~ на себя́ ру́ки** живго жинцаго чIвазе; **~ швы** ругънада кун лъезе (чIвазе), ругъун букъизе

НАЛО́ЖНИЦА *ж уст.* йокьулей

НАЛОМА́//ТЬ *сов. что, чего* бекизе; гьуризе; **ве́тер ~л ве́ток** гьороца гIаркьалаби гъурана ◊ **~ть дров** гьалатIал риччазе, гIантал жал гьаризе; **~ть бока́** *кому-л.* кутакалда кьабизе, вухизе, гъура-чункун вазе

НАЛЫГА́Ч *м* лълъаратIажо, лълъаратIарай, гIарщ, квелъ

НАЛЮБОВА́ТЬСЯ *сов. кем-чем, на кого-что лъихъниги, сундухъниги* хIалхьезегIан балагьизе, гьезухъ балагьун, кеп босизе; **не могу́ ~ на карти́ну** сураталъухъ балагьун, хIал хьолеб гьечIо

НАМ *мест. личн. дат. п. от* **мы**

НАМАГНИ́ТИТЬ *сов. что* макъратIисалъул хасият бугеблъун лъугьинабизе; **~ желе́зо** махх макъратIисалъул хасият бугеблъун лъугьинабизе

НАМАГНИ́ ЧИВАТЬ *несов. см.* **намагни́ тить**

НАМА́З *м рел.* как; **у́тренний ~** рогьалил как

НАМА́ЗАТЬ *сов* 1) *кого-что (покрыть слоем*) бахине; **~ кусо́к хле́ба ма́слом** чадил кесекалда нах бахине 2) *кого-что разг. (накрасить)* белъине, берцин гьабизе; **~ гу́бы** кIутIби релъине, багIар гьаризе 3) *кого-что разг. (испачкать)* чорок гьабизе 4) *что разг. (плохо нарисовать)* квешго, махщел гьечIого, сурат бахъизе

НАМА́ЗАТЬСЯ *сов.* 1) жиндаго бахине; **~ везели́ном** жиндаго вазелин бахине 2) (*накрасить губы*) кIутIби релъине, багIар гьаризе 3) (*испачкаться*) чороклъизе

НАМА́ЗЫВАТЬ *несов. см.* **нама́зать** 1

НАМАЛЕВА́ТЬ *сов. кого-что разг. (плохо нарисовать*) квешго, махшел гьечIого, релъабаз сурат бахъизе

НАМА́ЛЫВАТЬ *несов. см.* **намоло́ть** 1

НАМАРИНОВА́ТЬ *сов. что, чего* къанцIадулъ (маринадалъулъ) лъезе; **~ огурцо́в** охцерал къанцадулъ лъезе

НАМА́СЛИВАТЬ *несов. см.* **нама́слить**

НАМА́СЛИТЬ *сов. что* нах бахине; *сундулъниги* нах лъезе (*мас. карщилъ*)

НАМА́ТЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **намота́ть(ся)**

НАМА́ЧИВАТЬ *несов. см.* **намочи́ ть**

НАМА́ЯТЬСЯ *сов. прост.* сваказе, тату хвезе, гIакъуба бихьизе; **~ с детьми́** лъималгун сваказе, гьезда цадахъ гIакъуба бихьизе

НАМЕ́ДНИ *нареч. прост.* дагьаб цебегIан, гьал кьоязда

НАМЁК *м* баян гьабичIого, гIенеккарасда бичIчIиялъул къасдалда абураб ргIи, калам; ргьун абичIеб калам

НАМЕКА́//ТЬ *несов. на кого-что* бичIчIизелъун абизе; **на что вы ~ете?** дуе щиб абизе бокьун бугеб?

НАМЕКНУ́ ТЬ *сов. см.* **намека́ть**

НАМЕРЕВА́//ТЬСЯ *несов. с неопр.* ракIалда букIине, хиял, къасд букIине; **он ~лся к ве́черу верну́ться домо́й** гъосул къасиялде рокъове вуссине къасд букIана

НАМЕ́РЕН *в знач. сказ. с неопр.* къасд, нигат, хиял буго; ракIалда буго; **он ~ пое́хать в Москву́** досул Москваялде ине къасд буго; **что ты ~ де́лать ве́чером?** къаси щиб гьабизе дуда ракIалда бугеб?

НАМЕ́РЕНИ//Е *с щибниги* гьабизе бугеб къасд, хиял, нигат; **без вся́кого ~я** ракIалда гьечIого, цебеккун хIисаб гьабичIого; **с до́брым ~ем** лъикIаб (къасдгун) къасдалда; **угада́ть** *чье-л.* **~е** *лъилниги* хиял бичIчIизе, нахъгIунтIизе

НАМЕ́РЕННО *нареч.* ургъунго, цебеккунго хIисабалде босун; **сде́лать** *что-л. ~ щибниги* ургъунго гьабизе

НАМЕ́РЕННЫЙ, -ая, -ое ургъунго гьабураб; хIисабалде босун, гьабураб

НАМЕРЗА́ТЬ *несов. см.* **намёрзнуть**

НАМЁРЗНУТЬ *сов.* 1) цIорон бацизе; **на окне́ намёрз лед** горду цIороца бацана, цIорон горду бацана 2) *разг. (сильно озябнуть*) квачазе, ругьине, цIорозе; **ру́ки намёрзли** кверал кутакалда квачана

НАМЁРЗНУТЬСЯ *сов. разг.* : **~ в пути́** нухда цIакъ квачазе

НАМЕСИ́ ТЬ *сов. что, чего* буцизе; буцун *кигIаналиго къадаралда* хIадур гьабизе

НАМЕ//СТИ́ *сов. что, чего (нанести, собрать в каком-л. количестве*) лъухьун данде гьабизе, бакIаризе; **ве́тром ~ло́ мно́го ли́-стьев** гьороца гIемераб тIамах данде гьабун буго

НАМЕ́СТНИК *м уст.* сардар (салдар), наместник (*цебесеб Россиялда пачалихъалъул бетIерасул цIаралдасан миллиял рагIаллъабазе тIадегIанаб ихтияралда хIакимлъи гьабулев чи)*

НАМЕ́СТНИЧЕСТВО *с* 1) наместниклъи, сардарлъи 2) сардарасул кверщаликь бугеб бакI, вилаят

НАМЁТАННЫЙ, -ая, -ое: **~ глаз** ругьунаб, ругьун гьабураб бер

НАМЕТА́ТЬ[1] *сов.* 1) *что, чего (набросать)* дандеги гьабун, тIаде рехизе; гьороца тIамах *кибениги* бакIаризе; гIазул гIанси лъугьинабизе 2) *что (натренировать)* ругьун гьабизе; **~ глаз** бер ругьун гьабизе; **~ ру́ку** квер ругьун гьабизе

НАМЕТА́ТЬ[2] *сов. что (сшить) кьегIалъе мухъги хIисабалде босун*, квералъ букъизе, квар чIвазе

НАМЕТА́ТЬ[3] *несов. см.* **намести́**

НАМЕ́ТИТЬ[1] *сов. что* 1) (*пометить*) гIужизе босизе 2) (*набросать*) *щибниги гьабилалде,* аслиял бутIаби, мухъал цере чIезаризе; **~ ко́нтуры до́ма** букIинесеб минаялъул сурат гьабизе, чертёж гьабизе, чертеж бахъизе 3) *перен. (разработать предварительно)* цебеккунго чIезабизе, хIисабалде босизе; **~ план** цебеккунго план гьабизе

НАМЕ́ТИТЬ[2] *сов. кого-что (выбрать, определить)* цебеккун баян гьабизе, тIаса бищизе; **~ кандидату́ру** цебеккунго кандидатура тIаса бищизе; **~ день отъе́зда** унеб къо цебеккунго баян гьабизе, чIезабизе

НАМЕ́ТИ//ТЬСЯ *сов.* 1) *разг. (нацелиться*) ишан кквезе, *щибниги* гьабизе хIадурлъизе 2) (*обозначиться, определиться*) баянлъизе, мухIканлъизе; **~лось два тече́ния** кIиго нух баянлъана

НАМЁТКА[1] *ж* **1.** (*по гл.* **наметáть**[2]) квар чIвай, квералъ букъи **2**. (*нитка*) кьегI чIвалеб, букъулеб кун

НАМЁТКА[2] *ж* **1.** (*по гл.* **наме́тить**[1]) гIуж бай, *сундуениги* чертеж бахъи **2**. (*план*) мухIкан, баян гьаби

НАМЁТЫВАТЬ[1,2] *несов. см.* **наметáть**[1,2]

НАМЕЧА́ТЬ[1,2] *несов. см.* **наме́тить**[1,2]

НАМЕЧА́//ТЬСЯ *несов.* 1) *см.* **наме́титься** 2) (*предполагаться*) хIисабалде босун букIине, пикру гьабун букIине; **вы́ ход в мо́ре ~ется на за́втра** ралъдалъе рахъин метералде хIисабалде босулеб буго

НА́МИ *мест. личн. тв. п. от* **мы** нилъеца, нижеца

НАМИНА́ТЬ *несов. см.* **намя́ ть**

НАМНО́ГО *нареч.* гIемерго (цIикIкIун); **он ~ ста́рше меня́** гъов дидаса гIемерго кIудияв вуго

НАМОЗО́ЛИТЬ *сов. разг.*: **~ глаза́** *кому-л. лъиданиги* бадив къан вукIине, чIалгIине, инжитлъизе

НАМОКА́ТЬ *несов. см.* **намо́кнуть**

НАМО́К//НУТЬ *сов.* биччизе; **оде́жда ~ла под дождём** ретIел цIадакь (цIадакье ккун) биччана

НАМОЛА́ЧИВАТЬ *несов.см.* **намолоти́ ть**

НАМОЛОТИ́ТЬ *сов. что, чего* лал тIамизе; **~ пшени́ цы** ролъул лал тIамизе

НАМОЛО́ТЬ *сов. что, чего* 1) (*смолоть*) ххине; **~ мешо́к муки́** ханждал хъап (къандалъо) ххине 2) *прост. (наболтать)* чIанда бицине; **~ чепухи́** гIахьучIал хъуризе

НАМО́РДНИК *м* 1) хвенхида ххолеб жо, хвенхидаххел (*гьабзазул ва цо-цо хIайваназул ботIрода ххолеб хьвацIичIалазул яги маххул кварил гьабураб лъел*) 2) (*часть узды*) чIолорхъоялъул мегIералда тIасан бачIунеб чIоло

НАМО́РЩИТЬ *сов. что нодо, гьумер* букIкIинабизе

НАМО́РЩИТЬСЯ *сов.* букIкIине (*тIом, гьумер*), рукIкIалаби рехизе

НАМОТА́ТЬ *сов. что, чего сунданиги* жемизе; **~ ни́ ток** кун жемизе, жемун кунал гIомо гьабизе ◊ **~ себе́ на ус** цо мурадалда рекIелъ цIунизе, хIисабалде босун тезе

НАМОТА́//ТЬСЯ *сов.* жемун ине, кьурун ине; **ни́ тка ~лась на шпу́льку** кун чархида жемун ана

НАМО́ТКА *ж* **1.** (*по гл.* **намота́ть**) жеми, гIомо гьаби **2**. (*моток*) гIомо

НАМОЧИ́ ТЬ *сов.* 1) *кого-что (сделать мокрым)* биччизабизе, цIалтинабизе; **~ бельё** гъоркьан ретIел биччизабизе (*чурилалде*) 2) *что, чего (приготовить мочением*) лъелъ лъезе; **~ я́блок** гIеч лъелъе базе

НАМУДРИ́ТЬ *сов. разг. щибниги* жуба-гъубазабизе, жуба-гъубазабун абизе, бицине

НАМУ́ СОРИТЬ *сов. разг.* чорок, хъуб гьабизе; **~ на полу́** чIабар чорок гьабизе, чIарбида хъублъи гьабизе

НАМУ́ЧИТЬ *сов. разг.* гIемераб гIазаб-гIакъуба кьезе

НАМУ́ ЧИТЬСЯ *сов. разг.* халатаб заманалъ гIакъуба бихьизе, гIемераб гIакъуба баччизе ккезе, хIехьезе ккезе

НАМЫ́ В *м* **1.** (*по гл.* **намы́ ть**) лъеца чури, лъеца ракь чури, чучазаби **2**. (*земля у берега, намытая водой*) лъеца босун бачIараб щалайдул лъугьараб лъарал, гIурул рагIал; рагIаллъабазда лъеца чурараб ракь

НАМЫВА́ТЬ *несов. см.* **намы́ ть**

НАМЫ́ ЛИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **намы́ лить(ся)**

НАМЫ́ ЛИТЬ *сов. кого-что* сапун бахине; **~ ру́ки** кверазда сапун бахине; **~ бельё** биччизабураб гъоркьан ратIлида, бусен-къайиялда сапун бахине ◊ **~** *кому-л.* **го́лову** бурав кьуризе, гIадлуялде вачине, кьварун лъазабизе

НАМЫ́ ЛИТЬСЯ *сов.* жиндаго сапун бахине

НАМЫ́ ТЬ *сов. что, чего* 1) (*вымыть в большом количестве*) чуризе; **~ посу́ды** цIарагI чуризе 2) (*добыть промыванием*) чурун бахъизе, батIа гьабизе; **~ золото́го песка́** месед гъорлъ бугеб сали чурун, меседил гарал ратIа гьаризе 3) (*нанести течением*) лъеца бачIине, лъел чвахиялъ бачун бачIине

НАМЯ́ТЬ *сов. что, чего* 1) (*размять*) буцизе, кIвекIизе, кIкIукIкIазе; **~ гли́ны** хIатI буцизе, кIвекIизе 2) *разг. (примять*) мерхьине; **~ травы́** хер хIатIаз мерхьине 3) *разг.* кIвекIун, зурун унтизабизе; **~ плечо́** кIигъеж, гIемер кIвекIун, унтизабизе ◊ **~ бока́** кутакалда вухизе, кьабизе

НАНЕСЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **нанести́**) тIад хъал гьаби; *сунденигu* боси; **~ на ка́рту** картаялде боси, картаялда бихьизаби; **~ ножево́й ра́ны** носол ругъун лъей

НАНЕСТИ́ *сов.* 1) *что, чего (о птицах)* гьари́зе; **~ яи́ ц** ханал гьаризе 2) *что, чего (принести)* бачIине; **они́ нанесли́ гря́зи в ко́мнату** (*на обуви*) гъоз рокъобе (*хьитазда рекIун*) хIарщ, чороклъи босун бачIана 3) *что, чего (о воде, ветре*) лъугьинабизе, рехизе, бачине; **ве́тром нанесло́ сне́гу** гьороца гIазу бачун бугоан 4) *кого-что на кого-что (натолкнуть)* тункизе; **ло́дку нанесло́ на мель** раса (*карачелалъ*) тIалхияб, (тIадгояб, гъварилъи гьечIеб) бакIалде тункана 5) *что (отметить)* бихьизабизе, баян гьабизе; **~ на ка́рту важне́йшие доро́ги** картаялда аслиял нухал рихьизаризе 6) *что (покрыть слоем)* бахине, хъал гьабизе; **~ сма́зочное ма́сло на дета́ль** тIагIелалда нах бахине, тIагIелалда тIад нахул тIеренаб хъал гьабизе 7) *что (причинить)* лъезе, ккезабизе; **~ убы́ ток** зарар ккезабизе; **~ ране́ние** ругъун лъезе; **~ удар** кьаби щвезабизе; **~ ущербо́** *кому-л. лъиениги* зарар

гьабизе ◊ ~ *кому-л.* **визи́ т** *лъихъениги* ваккизе, щвезе (зиярат гьабизе)

НАНИЗА́ТЬ *сов. что, чего* ххезе; ~ **бу́сы на ни́тку** маржанал кунада ххезе; ~ **мя́ со на ве́ртел** (*бежизе*) гьан хIараялда ххезе

НАНИ́ ЗЫВАТЬ *несов. см.* **низа́ть**

НАНИМА́ТЕЛЬ *м щивниги, щибниги* мухьдахъ кколев чи; ~ **кварти́ ры** рукъ (квартира) мухьдахъ кколев чи

НАНИМА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **наня́ ть(ся)**

НАНО́С *м* лъеца, гьороца *ва гь.ц.* босун бачIараб ракь, сали

НАНОСИ́ТЬ[1] *сов. что, чего (принести что-л. в несколько приемов) щибниги чанго нухалъ кибениги* щвезабизе; ~ **дров** цIул баччизе (щвезабизе) (*чанго нухалъ*)

НАНОСИ́ ТЬ[2] *несов. см.* **нанести́**

НАНО́СН//ЫЙ, -ая, -ое 1) босун бачIараб (*ракь, сали, чабах*); **~ый песо́к** босун бачIараб сали 2) *перен. (заимствованный, случайный)* батIияб бакIалдаса босараб, тIабигIияб гуреб, тохлъукьего ккараб; **~ое влия́ ние** чиядасан, къватIисан ккараб асар гьаби

НАНЯ́ ТЬ *сов. кого-что* мухьдахъ хасал шартIазда кквезе; ~ **кварти́ру** мухьдахъ рукъ кквезе; ~ **рабо́чих** мухьдахъ хIалтIу-хъаби кквезе

НАНЯ́ ТЬСЯ *сов.* мухьдахъ хIалтIизе лъугьине

НАОБЕЩА́ТЬ *сов. что, чего разг. (гьабилилан)* ргIи кьезе, тIаде босизе; ~ **пода́рков** сайигъатал гьаризе ргIи кьезе

НАОБОРО́Т 1. *нареч.* **1.** 1) (*в обратном порядке*) гIакса, мекъса; **проче́сть сло́во** ~ ргIи гIакса, нахъасан цебехун цIализе 2) (*иначе*) батIайиса; **как раз** ~ битIухъе гIаксалда; **он де́лает все** ~ дос кинабго гIакса гьабула **2**. *в знач. вводн. сл. гьоркьоб кколев ргIиялъул бакIалда;* **я, ~, так не ду́мал** дида, гIаксалда, гьедин ракIалда букIинчIо **3**. *в знач. частицы* гIаксалда; **руга́л? – ~, похвали́ л** семаниц? – гьелъул гIаксалда, веццана

НАОБУ́ М *нареч. разг.* пикруго гьабичIого, ургьичIого; ракIалде кковухъе; **отвеча́ть** ~ ракIалде кковухъе жаваб кьезе

НАО́ТМАШЬ *нареч.* нахъе-цебе биччан, кутакалда; **уда́рить** ~ бугеб рухIалъ, нахъе-цебе биччан, кьабизе

НАОТРЕ́З *нареч.* тIубанго, тIирун; **отказа́ться** ~ къотIаниги гьабиларилан, тIирун чIезе

НАПА́ДА//ТЬ *сов.* базе; **за́ ночь ~ло мно́го сне́га** сордоялъ гIемераб гIазу бана

НАПАДА́ТЬ[1,2] *несов. см.* **напа́сть**[1,2]

НАПАДА́ЮЩИЙ *м спорт.* тIаде кIанцIулев, гьужум гьабулев; **центра́льный** ~ *футб.* бакьулъан гьужум гьабулев; **кра́йний** ~ ргIалдасан гьужум гьабулев

НАПАДЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **напа́сть**[1]) *лъениги* зарар гьабиялъул мурадалда (*гьесда)* данде гьабулеб иш; **внеза́пное ~е** тохлъукьего тIаде кIанцIи; **отрази́ть** ~ тIадекIанцIи, гьужум нахъчIвазе **2.** *спорт. (часть команды*) командаялъул гьужум гьабулел (гьужум гьабулеб бутIа); хоккеялда, футболалда, волейболалда гьужум гьабулеб бутIа (*командаялъул*)

НАПА́ДК//И *мн.* гIайибал, бадирчIваял; **подверга́ть ~ам** гIайибал гьаризе

НАПА́ИВАТЬ[1] *несов. см.* **напая́ть**

НАПА́ИВАТЬ[2] *несов. см.* **напои́ ть**

НАПА́КОСТИТЬ *сов. (загрязнить*) чороклъизабизе; ~ **на полу́** чIарбида чороклъи гьабизе 2) *кому перен. (сделать пакость) лъениги* зарал, нахъегIанаб иш гьабизе

НАПА́ЛМ *м* напалм (*бомбабазе, огнемётазе хIалтIизабулеб цIа рекIинабулеб, къвагъун рехулеб лъамалъи*)

НАПА́ЛМОВ//ЫЙ, -ая, -ое кьвагьизабулеб, напалмалъулаб; **~ая бо́мба** напалмалъул бомба

НАПА́РНИК *м* цадахъ хIалтIулев чи (*кIигоязул цояв*)

НАПА́РНИЦА *ж* цадахъ хIалтIулей гIадан (*кIигоязул цоя́й)*

НАПАС//ТИ́ СЬ *сов. разг.* гIураб къадаралда нахърател гьабизе

НАПА́//СТЬ[1] *сов.* 1) *на кого-что* тIаде кIанцIизе; **~сть врасплох** божударекIкI гьабун, рекIеда ратизе течIого, тIаде кIанцIизе 2) *на кого разг. (обрушиться с упреками) лъидениги* гIайибал гьарун, семизе; **~сть на шалуна́** гогьмаясде вагьизе, семизе 3) *на кого-что (обнаружить)* тIаде ккезе; **~сть на след** лъалкIалда тIаде ккезе; **~сть на мысль** пикруялда тIаде ккезе 4) *на кого (о чувстве*) кверде восизе; **на него́ ~л страх** дов хIин-къиялъ кверде восана ◊ **не на того́ ~л** дун гьев тайпа гуро (лъилгун иш бугебали лъалеб гьечIо (дуда)

НАПА́СТЬ[2] *сов.* базе; **напа́ло мно́го сне́га** гIемераб гIазу бана

НАПА́СТЬ[3] *ж разг. (беда)* къварилъи, балагь, мусибат; **что за ~ !** гьабго щиб балагь!

НАПА́ЧКАТЬ *сов. разг.* чорок, хъуб гьабизе; ~ **в ко́мнате** рокъоб чороклъи гьабизе

НАПАЯ́ ТЬ *сов.* что регъезе; къватIисеб рахъалде регъезе; ~ **про́вод** квар регъезе; регъон *кигIаналиго къадар* хIадур гьабизе

НАПЕ́В *м* бакъан (*ахIизе бугеб*)

НАПЕВА́ТЬ *несов.* 1) *см.* **напе́ть**; гIисинаб бакъаналъ, бигьа гьабун ахIизе, бакъан бачине; ~ **пе́сенку** гIисинаб бакъаналъ кечI ахIизе

НАПЕ́ВН//ЫЙ, -ая, -ое (*мелодичный*) ахIун бачIунеб, гьаракь-бакъан рекъараб; **~ые стихи́** гьаракь-бакъан рекъарал кучIдул

НАПЕКА́ТЬ *несов. см.* **напе́чь**

НАПЕРЕБО́Й *нареч.* цоцаздаса цере ккезе хIаракат бахъулаго; цояс цояв гьоркьов къотIизавулаго, къвинавулаго

НАПЕРЕВЕ́С *нареч.* цебехун битIизабун; **держа́ть винто́вку** ~ туманкI, цебехун битIизабун, кквезе

НАПЕРЕГОНКИ́ *нареч.* цоцаздаса цере ккезелъун; **бежа́ть** ~ къец бан, рекеризе

НАПЕРЁД *нареч. прост. (заранее)* цебеккун; **знать всё** ~ кинабго цебеккунго лъазе ◊ **за́дом** ~ нахъисеб рахъ цебехун гьабун (*ретIине, лъезе*); вабил гIакса рачIахун

НАПЕРЕКО́Р *нареч. и предлог с дат. п.* квешезе гIадин; ракIалда букIаралъул гIаксалда; **он всё де́лает** ~ дос кинабго гIакса гьабула; ~ **всем** киназего квешезе

НАПЕРЕРЕ́З *нареч. щибниги (нух, сухъмахъ*) къотIун; **побежа́ть** ~ *кому-л. лъениги* нух къотIун, векеризе

НАПЕРЕ́ТЬ *сов. на кого-что разг. лъиданиги-сунданиги* тIаде цузе; ~ **на дверь** нуцIида тIаде цузе, тIаде ваччизе

НАПЕРЕЧЁТ 1. *нареч. (целиком, без исключения)* тIубанго, гьоркьоб биччачIого; **знать всех** ~ щивго гьоркьов течIого, киналго лъазе **2**. *в знач. сказ.* дагь руго, килщазда рикIкIине бегьулеб къадаралда руго; килщазда рикIкIине бегьулеб къадаралда руго **таки́е специали́сты, как он,** ~ гьев гIадал махщалилал дагьал руго (дагьал гурони гьечIо)

НАПЁРСТ//ОК *м* сурдалъел; **шить с ~ом** сурдалъелги ххун, букъизе ◊ **ро́стом с ~ок** сурдалъелгIанасев чи

НАПЁРЧИВАТЬ *несов. см.* **наперчи́ть**

НАПЕРЧИ́ТЬ *сов. что* пилпил базе; ~ **суп** чурпадулъе пилпил базе

НАПЕ́ТЬ *сов.* 1) *что (мелодию и т.п.*) бакъан тIамизе 2) *что (пластинку и т.п.*) пластинкаялда хъвазе кечI ахIизе, бакъан бачине 3) *что, чего (много спеть)* гIемер ахIизе

НАПЕЧА́ТА//ТЬ *сов. что* **1.** басмаялда бахъизе, печаталда кьабизе **2.** плёнкаялдаса кагътиде босизе *(сурат*) **3**. *устар. (ставить печать на что-л.*) *сунданиги* мугьру (печать) чIвазе; **~ть на маши́нке** машинкаялда кьабизе; **кни́га ещё не ~на** тIехь жеги басмаялда бахъун гьечIо ◊ ~ **шаг** унеб мехалъ кIвакIун ва мухIканго хIетIе чIезе

НАПЕ́//ЧЬ *сов.* 1) *что, чего (испечь*) бежизе; **~ть бу́лок** булкаби режизе 2) *безл. что разг.* бакъуца бухIизе, бакъул чIораз багIаризабизе; **со́лнцем мне ~кло́ го́лову** бакъуца дир бетIер (цIакъ) багIаризабуна (бухIана)

НАПИВА́ТЬСЯ *несов. см.* **напи́ ться**

НАПИ́ ЛЬНИК *м* чаран; **трехгра́нный** ~ лъабокIонаб чаран

НАПИРА́//ТЬ *несов. разг.* 1) *см.* **напере́ть** 2) *на кого-что (теснить)* тIаде цузе, хIал гьабизе; **проти́ вник ~л с фла́нга** тушманас хьолбохъан хIал гьабулеб букIана 3) *на что перен. (делать упор*) *сунденигu* хасаб кIвар кьезе; **он ~л на необходи́мость пое́здки** гьес *гьенире* ине ккеялде цIакъ кIвар кьуна

НАПИСА́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **написа́ть**) хъвай **2.** (*изображение на письме*) хъвалеб куц; **пра́вильное ~ сло́ва** ргIи битIун хъвай; **двоя́кое ~ бу́квы «д»** «д» хIарп кIиго (батIияб) къагIидаялъ хъвай

НАПИСА́ТЬ *сов. что* 1) хъвазе; ~ **письмо́** кагъат хъвазе; ~ **кни́ гу** тIехь хъвазе; ~ **му́зыку к пье́се** пьесаялъе музыка хъвазе

2) (*создать произведение живописи*) сурат бахъизе; ~ **портре́т** портрет (гIадамасул сурат) бахъизе ◊ **у него́ э́ то на лице́ напи́сано** гьеб досул гьурмадаго хъван буго, гьурмадасанго бихьулеб буго; **на лбу напи́сано** надалда хъван буго (*балагьарабго бихьула, киназдаго бичIчIула*)

НАПИТА́ТЬ *сов.* 1) *кого разг. (накормить*) кваназабизе, гIорцIизабизе 2) *что чем (пропитать) сундулъниги* бессизабизе, лъамалъи гьорлъ босизабизе; гьава *сундулниги* махIалъул цIезабизе

НАПИТА́ТЬСЯ *сов.* 1) *чем и без доп. разг. шутл. (наесться)* гIорцIизегIан кваназе 2) (*пропитаться*) гьорлъ босизе, биччизе; махIалъул цIезе

НАПИ́ТОК *м* хас гьабун гьекъезе хIадурараб лъамалъи, гьекъолеб жо; **прохлади́тельный** ~ гьогьомизе гьекъолеб жо (*лимонад, пиво*); мехтел (*гIаракъи, коньяк, чагъир*)

НАПИ́ТЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **напита́ть(ся)**[2]

НАПИ́ТЬСЯ *сов.* 1) (*утолить жажду*) къеч буссинабизе, гIорцIизегIан гьекъезе; ~ **воды́** къеч хьвазегIан, буссинегIан лъим гьекъезе 2) (*опьянеть*) гьекъон мехтизе

НАПИХА́ТЬ *сов. что, чего* бугIун цIезабизе; ~ **в чемода́н белья́** гьоркьан ретIел чемоданалда жаниб бугIизе; бугIун цIезабизе

НАПИ́ХИВАТЬ *нсеов. см.* **напиха́ть**

НАПИ́ЧКАТЬ *сов. кого-что разг.* хIалица кваназавизе; ~ *кого-л.* **сла́достями** *лъиданиги* хIалица (гьуинлъи) гьуинал жал кваназаризе; гIемераб жоялдалъун хьезаризе

НАПЛА́КА//ТЬ *сов.*: ◊ **кот ~л** цIакъ дагь (*кьезе, щвезе*)

НАПЛА́//КАТЬСЯ *сов.* гIемер гIодизе; **он ещё ~чется** хадув гьев гIемерав гIодизе вуго; *разг.* **~каться** *с кем-л. щивниги сабаблъун*, гIемераб рокьукъаб жо бихьизе, хIехьезе ккезе

НАПЛАСТОВА́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **напластова́ть**) гъатахинаби, гъатал гьарун, лъей **2**. (*по гл.* **напластова́ться**) гъатахин, гъатал лъугьин **3.** *геол.* ракьулъ магIданал, гъатал гьарун, рукIин

НАПЛАСТОВА́ТЬ *сов. что, чего сундулниги* гъатал гьаризе, гъатал гьарун, лъезе

НАПЛАСТОВА́ТЬСЯ *сов.* гъатахине, гъатал лъугьине

НАПЛАСТО́ВЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **напластова́ть(ся)**

НАПЛЕВА́ТЕЛЬСК//ИЙ, -ая, -ое: **~ое отноше́ние к де́лу** ишалдехун хашаб, жавабчилъи гьечIеб балагьи

НАПЛЕВА́ТЬ *сов. разг. сунденги* хIацIу тузе; ~ **на пол** хIацIу чIарбиде тузе ◊ **мне ~ на э́то!** гьелде тун букIана дица! (*дица гьелъул кигIан гьитIинабги ургъел гьабуларо*)

НАПЛЕСКА́ТЬ *сов. что, чего* чвалхизабизе, тIирагъинабизе; ~ **воды́ на пол** лъим чIарбиде чвалхизабизе

НАПЛЕСТИ́ *сов. что, чего* 1) (*изготовить*) хьухьине, хьухьун хIадур гьабизе; ~ **корзи́н** корзинаби хьухьине 2) *перен. разг. (наговорить вздору*) гIемераб чIанда, хIажатаб гуреб хабар бицине

НАПЛЕТА́ТЬ *несов. см.* **наплести́** 1)

НАПЛОДИ́ТЬ *сов. кого разг.* гIемерал тIанчIи гьаризе; гIемер къинлъизе; ~ **кро́ликов** гIемерал гIанкIал гIезаризе (гIанкIица гIемерал танчIи гьаризе)

НАПЛОДИ́ТЬСЯ *сов. разг.* хьонтIи гIемерлъизе, къадар цIикIкIине

НАПЛЫ́ВАТЬ *м* **1.** (*по гл.* **наплы́ть**) чурун бачIун, данделъараб жо **2.** *сунданиги* тIад лъугьараб хъал; ~ **в котле́** хьагиниб лъугьараб хъал **3**. *бот. (на дереве)* сакI **4.** *кого-чего перен. (публики, посетителей)*: ~ **тури́стов** гIемерал туристал рачIин, данделъи

НАПЛЫВА́ТЬ *несов. см.* **наплы́ть**

НАПЛЫ́ТЬ *сов.* 1) *на кого-что (плывя, натолкнуться*) лъедон унаго, *лъиданиги, сунданиги* тункизе, тIаде ккезе; ~ **на мель** лъедон унаго, (*гама*) ралъдал тIадголъиялде ккун, тIинда тункизе 2) (*плавно надвинуться*) гьаругьинан бачIун, *жинцаго щибниги* бахчизе; **ту́ча наплы́ла на со́лнце** гьаругьинан бачIун накIкIица бакъ бахчана 3) (*приплыв, скопиться*) лъеца бачун бачIун, данделъизе; **наплы́ла ти́на** лъеца бачун бачIун, гIемераб хен данделъана 4) (*образоваться, получиться*) лъугьине, рекIине, къазе; **в котле́ наплы́ла на́кипь** хьагил хьалбазда лъел кьагIу рекIана

НАПОВА́Л *нареч.* : **уби́ть** ~ бачIинахъего чIвазе; цо речIчIаралъ чIвазе

НАПОДО́БИЕ *предлог с род. п. лъиданиги, сунданиги* релълъараб, гьеб гIадаб; **скала́ ~ стены́** къед гIадаб кьуру

НАПОИ́ТЬ *сов.* 1) *кого-что* гьекъезабизе; ~ **ребёнка молоко́м** лъимада (гIорцIизегIан) рахь гьекъезабизе; ~ **до́пьяна** мехтизегIан гьекъезавизе 2) *что перен. (пропитать)* цIезабизе; гьорлъ босизе; **во́здух напо́ен арома́том трав** гьаваялда гьорлъ (босун) бессун буго хурдузул гьуинаб махI

НАПОКА́З *нареч.* 1) (*для показа обозрения*) бихьизеялъе гIоло, бихьизелъун; **медве́дя води́ ли** ~ ци бихьизелъун хьвадизабулеб букIана 2) (*для виду*) рихьдаего, рещцалъе гIоло; **де́лать что-л. то́лько** ~ *щибниги* гIицIго рещцалъе гIоло гьабизе

НАПОЛЗА́ТЬ *несов. см.* **наползти́**

НАПОЛЗ//ТИ́ *сов. разг.* 1) *на кого-что (ползая, натолкнуться*) хъурщулаго *сунданиги* тункизе, тIаде ккезе 2) (*заползти*) жанибе хъурщизе, жанибе лъугьине; **в ко́мнату ~ли муравьи́** цIунцIраби рокъоре лъугьана

НАПОЛНЕ́НИ//Е *с* **1.** (*по гл.* **напо́лнить**) цIезаби **2.** (*по гл.* **напо́лниться**) цIей ◊ **пульс хоро́шего ~я** бидул гIадатияб, загIиплъичIеб кьаби

НАПО́ЛНЕНН//ЫЙ, -ая, -ое цIураб; **~ая корзи́на** цIураб корзина ; **~ая жизнь** бечедаб, сунцаго хьараб гIумру

НАПО́ЛНИТЬ *сов. что кем-чем* цIезабизе; ~ **бак водо́й** къали лъел цIезабизе; ~ **ко́мнату дыи́ мом** рукъ кIкIуйдул цIезабизе

НАПО́ЛНИ//ТЬСЯ *сов.* цIезе; **бак ~лся водо́й** къали лъел цIуна; **ко́мната ~лась дыи́ мом** рукъ кIкIуйдул цIуна

НАПОЛНЯ́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **напо́лнить(ся)**

НАПОЛОВИ́НУ *нареч.* бащадалъ; **флаг ~ бе́лый, ~ си́ний** бащдаб рахъ хъахIаб, бащдаб хъахIилаб байрахъ; **рабо́та вы́полнена ~** хIалтIи бащдаб (бащадалъ) гьабун буго

НАПОМИНА́НИЕ *с* (*по гл.* **напо́мнить**) ракIалде щвезаби, лъазаби

НАПОМИНА́ТЬ *несов.* 1) *см.* **напо́мнить** 2) *кого-что (иметь сходство с кем-чем-л.*) релълъараб букIине, релълъенлъи букIине

НАПО́МНИ//ТЬ *сов.* 1) *кого-что, о ком-чем (заставить вспомнить) лъиданиги* ракIалде щвезабизе; **письмо́ ~ло про́шлое** кагътица цебесеб, араб ракIалде щвезабуна 2) *кого-что (быть похожим*) релълъараб букIине; **она́ ~ла мне мать** гьолъ дида эбел ракIалде щвезаюна, гьой дида эбелалда релълъун йихьана

НАПО́Р *м* **1.** (*по гл.* **напере́ть**) тIадецуй **2.** (*давление, нажим*) тIадецуй; гучалда бачIин, чвахи; ~ **воды́** лъел гучаб чвахи **3.** *перен. (настойчивость*) таваккал, кьаби; **под ~ом войск** аскаразул кьабиялда гьоркь

НАПО́РИСТОСТЬ *ж* таваккалъи, жигарлъи; ~ **хара́ктера** гIамалалъул жигарлъи

НАПО́РИСТЫЙ, -ая, -ое таваккалаб, жигараб; ~ **хара́ктер** таваккалаб гIамал-хасият; ~ **челове́к** жигарав инсан; бажари бугев, тIаса вичIуларев чи

НАПОРО́ТЬСЯ *сов. разг.* 1) *на что (наткнуться)* бегIераб жоялда тIаде кун, ругъун лъезе; ~ **на гвоздь** магIалъ ругъун лъезе, магIалда тIаде ккезе 2) ~ *на кого-что перен.* ракIалдаго гьечIого, рокьукъаб, хIажат гьечIеб жоялда тIаде ккезе; ~ **на заса́ду** гьоркьчIелалда тIаде ккезе; ~ **на неприя́тность** рокьукъаб жоялда тIаде ккезе (дандчIвазе)

НАПО́РТИТЬ *сов. разг.* 1) *что, чего* (*кигIаналиго къадар*) хвезабизе; ~ **бума́ги** кагъат хвезабизе 2) *кому-чему* зарал гьабизе, *сундуениги* зиян гьабизе; **он мо́жет ~ де́лу** гьос ишалъе зарал гьабизе бегьула

НАПОСЛЕ́ДОК *нареч. разг.* ахирги, тIарамагъадаги

НАПРА́ВИТЬ *сов.* 1) *что (устремить)* балагьизабизе, битIизабизе, буссинабизе; ~ **пистоле́т на врага́** тушманасде таманча битIизабизе; ~ **внима́ние** *на что-л.* кIвар *сунденги* буссинабизе; ~ **ло́дку к бе́регу** раса рагIалде (*ралъдал, хIорил ва гь.ц.*) балагьизабизе 2) *кого-что (послать)* витIизе; ~ **больно́го к врачу́** унтарав тохтурасухъе витIизе 3) *что (адресовать*) *щибниги кибениги* битIизе; ~ **заявле́ние в реда́кцию** гIарза редакциялде би-тIизе 4) *что (отточить)* рекIинабизе; ~ **бри́тву** мегеж кIкIвалеб нус (даллакнус) рекIинабизе ◊ ~ **на путь и́стинный** ритIухъаб, битIараб нухде ккезавизе

НАПРА́ВИТЬСЯ *сов.* 1) цо рахъалде валагьун, ине; ~ **к ле́су** рохьовехун ине; ~ **в го́род** шагьаралде ине 2) *перен. (наладиться*) битIа-бишизе, рекъа-решезе

НАПРАВЛЕ́НИ//Е *с* **1.** (*по гл.* **напра́вить**) битIи, балагъизаби, буссинаби **2.** (*линия движения, путь развития*) *щибниги* унеб мухъ; *щивниги, щибниги* бугеб рахъ; **ручейки́ с гор стека́ли по всем ~ям** мугIруздасан лъарал киналго рахъазде чвахулел рукIана **3.** (*течение, группировка*) нух, ккураб рахъ, мазгъаб; **литерату́рные ~я** литературиял мазгъабал **4.** (*документ*) *киренги* ритIулелъул кьолеб кагъат; **~ в больни́цу** больницаялда вегизе кьолеб кагъат

НАПРА́ВЛЕННОСТЬ *ж* цо мурадалде буссараб букIин; **иде́йная ~ рома́на** романалъул идеялъулаб мурад букIин (идеялде буссараб букIин)

НАПРАВЛЯ́ //ТЬ *несов. см.* **напра́вить**

НАПРАВЛЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **напра́вить(ся)**

НАПРА́ВО *нареч.* кванараб рахъалде (*в правую сторону*); квариниса, кваранаб рахъалъан (*справа*); **~ – го́ры, нале́во – лес** квариниса – мугIрул, квегIиса – рохь

НАПРА́СЛИН//А *ж разг.* тIекъаб гIайиб; гIададисеб гIайиб, чIалгIадисеб багъана; **возводи́ть ~у** *на кого-л. лъиданиги тIасан* мацI гьабизе

НАПРА́СНО *нареч.* гIадада, чIалгIадего, гьадинго, кьучI гьечIого; **его́ ~ обвини́ ли** досда гIадада гIайиб чIвана, гIунтIизабуна **вы ~ так ду́маете** дуда гIадада гьедин кколеб буго; **не ~ я стра́лся** гIадада гуро дица жигар бахъулеб букIараб

НАПРА́СНЫЙ, -ая, -ое 1) (*бесполезный*) гIададисеб, пайда гьечIеб; **~ труд** гIададисеб, пайда гьечIеб захIмат 2) (*ненужный*) хIажалъи гьечIеб; **~ страх** гIададисеб хIинкъи

НАПРА́ШИВА//ТЬСЯ *несов.* 1) *см.* **напроси́ ться** 2) (*приходить на ум*) пикру бижузе, ракIалде ккезе; **вы́ воды ~ются са́ми собо́й** хIасилал жалго жидецаго тIалаб гьабулел руго; **из э́того ~ется вы́ вод** гьелдасан хIасил гьабулеб буго, пикру бижулеб буго

НАПРИМЕ́Р *вводн. сл.* масала; **был, ~ тако́й слу́чай…** букIана, масала, гьединаб иш (лъугьа-бахъин)…

НАПРОКА́Т *нареч.* заманаялъ мухьдахъ хIалтIизабизе; **брать пиани́но ~** заманаялъ пианино мухьдахъ хIалтIизабизе босизе

НАПРОЛЁТ *нареч. разг.* гьоркьоса къотIичIого (*кигIаналиго заманалъ*); **он рабо́тал всю ночь ~** дов тIубараб сордоялъ, гьоркьоса къотIичIого, хIалтIулев вукIана

НАПРОЛО́М *нареч.* битIахъе, сундухъго балагьичIого, квекIеналги къуркьизарулаго; **де́йствовать ~** таваккалалда къеркьезе, иш гьабизе

НАПРОПАЛУ́ Ю *нареч. разг.* хIасилалъул ургъел гьабичIого, сундухъго гIин тIамичIого

НАПРОСИ́ ТЬСЯ *сов. разг.* 1) (*добиться приглашения*) жинцаго бичIчIизабизе, гьаризе; **~ в го́сти** жинцаго гьоболлъухъ ахIизавизе 2) (*заставить высказать мнение о себе*) жиндирго хIакъалъулъ пикру бицинабизе; **~ на похвалу́** живго вещцизавизе

НАПРО́ТИВ 1. *предлог с род. п.* дандбитIун; **~ на́шего до́ма** нижер рукъалда дандбитIун; **он живёт ~ нас** дов рукъалъ нижеда дандвитIун вуго **2.** *нареч. (наперекор)* гIаксалда; **он всё де́лает ~** дос кинабго гIакса гьабула **3.** *в знач. вводн. сл.* (гьелъул) гIаксалда; **он не серди́лся, ~, был дово́лен** дов щидахинчIо, (гьелъул) гIаксалда, разиго вукIана **4.** *в значении частицы* гIаксалда; **вам э́то не нра́вится? – напро́тив, о́чень нра́вится** гьеб нужее рекIее гIоларищ? – гуро, цIакъго рекIее гIола

НАПРЯГА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **напря́ чь(ся)**

НАПРЯЖЕ́НИ//Е *с* **1.** (*по гл.* **напря́ чь**) хIалуцинаби, дугъдазаби **2.** (*по гл.* **напря́чься**) дугъдай, хIалуцин; **~е сил** къуватазул хIалуцин **3.** (*усилие*) кутаклъи; **рабо́тать с ~ем** кутакалда хIал-тIизе **4.** *физ.* напряжение; **ток высо́кого ~я** тIадегIанаб, кIудияб напряжениялъул (къуваталъул) ток

НАПРЯЖЁННО *нареч.* кутакалда, дугъдан, хIалуцун; **~ рабо́тать** хIалуцун хIалтIизе

НАПРЯЖЁННОСТЬ *ж* хIалуцин; **осла́бить междунаро́дную ~** халкъазда гьоркьосеб хIалуцин чучлъизабизе

НАПРЯЖЁНН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*усердный*) таваккалаб, жигараб; **~ая рабо́та** таваккалаб, кIвар, къуват къураб хIалтIи 2) (*усиленный*) кутаклъизабураб, гучлъизабураб; **~ое внима́ние** цIикIкIараб кIвар 3) (*натянутый*) дугъдараб; **~ые отноше́ния** хIалуцарал гьоркьорлъаби

НАПРЯМИ́К *нареч.* 1) (*прямиком*) битIахъе; **идти́ ~** битIахъе ине 2) *перен.* бальго гьабичIого, битIахъе; **сказа́ть ~** битIахъе абизе

НАПРЯ́ ЧЬ *сов. что* хIалуцинабизе, дугъдазабизе, хIал кьезе; **~ все си́лы** тIолабго къуват кьезе; **~ внима́ние** кинабго пикру буссинабизе; кIвар кьезе ◊ **~ слух** кIвар кьун, гIенеккизе

НАПРЯ́//ЧЬСЯ *сов.* 1) дугъдазе, хIалуцине; **му́скулы ~гли́сь** ччорбал дугъдана; **у него́ на ше́е ~гли́сь жи́лы** досул горбода щукIдул дугъдана 2) *перен. (приложить усилия*) къуват, гуч кьезе; **~чься, поднима́я груз** бакIлъи борхулаго, къуват кьезе

НАПУ́ГАННЫЙ, -ая, -ое хIинкъизавурав

НАПУГА́ТЬ *сов. кого* хIинкъизавизе

НАПУГА́ТЬСЯ *сов.* хIинкъизе

НАПУ́ ДРИТЬ *сов. кого-что* пудра бахине; **~ лицо́** гьурмада пудра бахине

НАПУ́ ДРИТЬСЯ *сов.* жиндаго пудра бахине

НА́ПУСК *м*: **1. ~ воды́ в бассе́йн** хIавузалъубе лъим биччай **2.** рачлида тIасан далараб гвердил бутIа **3.** чакмабазул кIалазул ахада лъугьунел сукIалаби **4.** *охот.* гьаби рухьаралъуса чаналде (чаниде) риччай

НАПУСКА́ТЬ *несов. к* **напусти́ ть**

НАПУСКА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **напусти́ ть(ся)**

НАПУСКН//О́Й, -ая, -ое ургъунго гьабураб, ххвалие гьабураб; **~а́я весёлость** ххвалиего гьабураб рохел

НАПУСТИ́ТЬ *сов.* 1) *кого-что, чего* жанибе биччазе; **~ по́лную ва́нну воды́** ванна цIезегIан лъим биччазе; **~ во́лосы на лоб** рас надалде биччазе; **~ квартира́нтов** квартирантал риччазе (*мухьдахъ рукъ ккун*) 2) *что на кого разг. (придать вид)* хIазе, ххвел гьабизе; **~ на себя́ стро́гость** живго кьварарав чилъун хIазе 3) *кого на кого-что разг. (натравить)* гьусизе; **~ соба́к на зве́ря** гьаби жанаваралде гьусизе ◊ **~ стра́ху** *щивниги* хIинкъизавизе

НАПУСТИ́ТЬСЯ *сов. на кого-что разг.* семулаго, бадибчIвайгун *лъиденигни* тIаделъизе

НАПУ́ТАТЬ *сов.* 1) *что, чего* дургъулаго, самулаго (*кун, квас ва гь.ц.*), бигъинабизе; **~ ше́рсти** квас жуба-гъубазабизе 2) *что и без доп. (ошибиться)* гъалатI гьабизе, мекъса ккезе; **~ в подсчётах** рикIкIунаго мекъса ккезе, гъалатI биччазе

НАПУ́ТСТВЕНН//ЫЙ, -ая, -ое нухда тIовитIиялъул(аб); **~ые сове́ты** нух битIиялъе гьарулел малъа-хъваял

НАПУ́ТСТВИЕ *с* нухда тIовитIулаго гьабулеб гьара-рахьи (тIовитIул рахьи)

НАПУ́ТСТВОВАТЬ *сов. и несов. кого лъиданиги* нухбитIиялъул рагIи абизе; **~ до́брыми пожела́ниями** нухбитIиялъе лъикIаб гьара-рахьи гьабизе; **~ угро́зами** сапар битIиларилан хIинкъаби кьезе

НАПЫЛИ́ ТЬ *сов. разг.* хIур бахъинабизе

НАПЫ́ЩЕННОСТЬ *ж* 1) (*важность, надменность*) чIобогояб чIухIи, гIамал кIодолъи 2) (*высокопарность*) чIухIараб пахрулъи

НАПЫ́ЩЕННЫЙ, -ая, -ое 1) (*надменный*) гIамал кIудияб, пахруяб; **~ вид** *чияда бихьизе гьабулеб* пахруяб куц-мухъ 2) (*высокопарный*) чIухIизабураб; пахруяб, понцIозабураб; **~ стиль** чIухIизабураб стиль

НАПЯ́ ЛИВАТЬ *несов. см.* **напя́ лить**

НАПЯ́ЛИТЬ *сов.* 1) *что на что сунданиги* тIаде цIазе; **~ ткань для вышива́ния** тIад сурат угьизе, букъизе ххам цIазе 2) *что на кого-кто разг. (надеть) щибниги* хIалица ретIине; **~ сапоги́** чакмаби хIалица ретIине 3) *что разг. (надеть что-л. неподходящее*); **~ старому́дную шля́пу** модаялдаса араб шляпа ботIрода къазабизе, тIад лъезе

НАРАБО́ТК//А *ж* 1) хIалтIараб заман, гьабураб хIалтIи 2) данделъараб жо (*хасаб болжалалда жаниб*)

НАРАВНЕ́ *нареч. с кем-чем* бащадго; цого борхалъуда, гьварилъуда; **стари́к рабо́тал ~ с молоды́ми** херав чи гIолилазда бащад хIалтIулев вукIана; **самолёт шёл ~ с облака́ми** самолет накIкIазул борхалъиялда унеб букIана

НАРА́Д//ОВАТЬСЯ *сов. на кого-что, кому-чему* цIакъ рохизе, гIемерго рохун рукIине; **мать не ~уется на сы́ на** эбел васасдаса йохиялъ гIорцIулей гьечIо

НАРАСПА́ШКУ *нареч. разг.* маргъалал рачIого, ричIун биччан; **идти́ в пальто́ ~** ричIун биччан пальтогун, ине ◊ **у него́ душа́ ~** дов рекIелъ илбис гьечIев чи вуго, досул киназего рагъараб ракI буго

НАРАСПЕ́В *нареч.* рагIаби цIазарун, ахIиялде гIагар гьарун; **говори́ ть ~** кечI ахIулеб гIадин, кIалъазе

НАРАСТА́ТЬ *несов.* 1) *см.* **нарасти́** 2) (*увеличиваться*) кIодолъизе, цIикIкIине, гIемерлъизе, гIатIилъизе

НАРАСТА́НИЕ *с* (*по гл.* **нараста́ть**) кIодолъи, цIикIкIин, гIемерлъи, гIатIилъи; **~ революцио́нного движе́ния** революциялъулаб багъа-бачари гIатIилъи, цIикIкIин

НАРАСТИ́ *сов.* 1) (*на поверхности чего-л.*) тIад бижизе, гIезе; **мох наро́с на камня́х** тамало ганчIазда бижун буго 2) *перен. (накопиться*) цIикIкIине; **наросли́ проце́нты** процентал цIикIкIана

НАРАСТИ́ТЬ *сов.* 1) *что (заставить образоваться)* бижизабизе; лъугьинабизе; **~ но́вую ко́жу** цIияб тIом бижизабизе 2) *что (удлинить)* халалъизабизе; **~ кана́т** квар халалъизабизе 3) *что, чего* гIезабизе; **~ густо́в** хъархъал гIезаризе 4) *что перен.* цIикIкIинабизе; **~ си́лы** къуват цIикIкIинабизе

НАРАСХВА́Т *нареч.* тIоцебе щвезе жигар бахъун, цоцахъе рахъи гьарун; гIодор хъвазе течIого; **биле́ты покупа́лись** ~ белтал, цоцахъе рахъи гьарун, росулел рукIана

НАРАЩЁ́НИЕ *с* 1) (*по гл.* **нарасти́ ть**) бижизаби, лъугьинаби, гIезаби, цIикIкIинаби 2) (*наращенная часть*) тIаде гIезабураб, бижизабураб бутIа

НАРА́ЩИВАТЬ *несов.* 1) *см.* **нарасти́ть** 2) *что (увеличивать в размерах, объеме и т.п.*) кIодолъизабизе, цIикIкIинабизе

НАРВА́ТЬ[1] *сов. что, чего* 1) тIезе, бетIизе; тIун босизе; бакIаризе; **~ буке́т цвето́в** тIугьдузул квацIи бетIизе, бакIаризе 2) (*бумаги*) бихъизе ◊ *~ кому-л.* **у́ши** гIундул кьурун, цIан, тамихI гьабизе, гIундул рахъизе

НАРВА́//ТЬ[2] *сов.* гьорозе ва рецIцI ккезе; **па́лец ~л** килищ гьорона ва хьордона

НАРВА́ТЬСЯ *сов. на кого-что разг.* ракIалдаго гьечIого, дандчIвазе; **~ на неприя́тность** рокьукъаб, рекIее гIоларе жояльда тIаде ккезе

НАРЕ́З *м тех. къотIулеб алаталъ борлъун бахъараб* къваридаб рахъ, гомог; **винтово́й** ~ резьба бугеб, къурараб рахъ, борлъи (*тункIил хIараялъул*); *гIанлъун гьабураб* къваридаб рахъ; *ист.* (*ракьул*) бутIа (*кидагоялъе яги заманаялъ хIалтIизабизе кьураб*)

НАРЕ́ЗАТЬ *сов.* 1) *что, чего* къотIун бутIаби гьаризе; **~ мя́ -са** гьан къотI-къотIизе 2) *что тех. (сделать нарезы)* гонгал, рахъал гьаризе 3) *что (отвести участок земли*) гIурхъи чIван, *ракь* бутIабазде бикьизе; къотIун батIа гьабизе 4) *что кого-чего* къотIун хIадур гьабизе; **~ ве́ток** гIаркьалаби къотIизе 5) ~ кур гIанкIаби (гIанкIуял) хъвезе (*кигIаналиго къадаралда*)

НАРЕЗА́ТЬ *несов. см.* **наре́зать**

НАРЕ́ЗКА *ж* **1.** (*по гл.* **наре́зать**) къотI-къотIи, кескал гьари **2**. (*винтовая*) тункIил хIараялъул кьурараб

НАРЕКА́НИ//Е *с* бадибчIвай, семи, гIайиб гьаби; **вы́звать ~я** бадибчIвай багъаризабизе

НАРЕКА́ТЬ *несов. см.* **наре́чь**

НАРЕЧЁ́ННЫЙ, -ая, -ое *уст.* **1. ~ый** цIар чIварав; **~ая** цIар чIварай, абурай **2**. *в знач. сущ.* **~ый** *м* бахIарав **3.** *в знач. сущ.* **~ая** *ж* бахIарай

НАРЕ́ЧИЕ[1] *с лингв.* диалект (*кинаб букIаниги мацIалъул гIаммал-хасиятал ругел бакIалъулал сверелал*);

НАРЕ́ЧИЕ[2] *с грам. (каламалъул бутIа)* наречие

НАРЕ́ЧЬ *сов. кого-что кем-чем, кому-чему что уст.* цIар лъезе; **~ Ива́ном** Иванилан цIар лъезе; **~ младе́нцу и́мя Рома́н** лъимадуе Романилан цIар кьезе

НАРЗА́Н *м* нарзан (*даруяб лъим*)

НАРИСОВА́ТЬ *сов. кого-что* 1) **~ карти́ ну** сурат бахъизе 2) *перен. (мысленно представить*) цебе чIезабизе; **~ карти́ну бу́дущего** букIинеселъул сурат (*пикрабалъ*) цебе чIезабизе

НАРИЦА́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое: **и́ мя ~ое** *грам.* гIаммаб цIар; **~ая сто́имость** кIиматал кагътазда, гIисинаб гIарцуда тIад хъвараб багьа (кIимат)

НАРКО́З *м мед.* наркоз (*кинаб букIаниги лага яги тIолабго черх агълъизаби, кIотинаби*); **опера́ция под ~ом** наркозги кьун гьабулеб операция

НАРКО́М *м (народный комиссар*) нарком (*халкъияв комиссар*)

НАРКОМА́Н *м* наркоман (*наркотиказул унти ккарав чи*), наркотикал хIалтIизарулев чи (анаша бухIулев чи)

НАРКОМА́НКА *ж* наркоманка (*наркотиказул унти ккарай гIадан*), наркотикал хIалтIизарулей гIадан

НАРКОМА́НИЯ *ж мед.* наркотикал хIалтIизаричIого чIезе кIоларе хIал, унти

НАРКО́ТИКИ *мн.* (*ед.* **нарко́тик** *м*) наркотикал (*унти къотIизабулеб ва макьу щвезабулеб дару хIисабалда медицинаялда хIалтIизарулел жал: опиум, морфий, кокаин ва гь.ц.*)

НАРО́Д *м* 1) халкъ 2) (*нация*) миллат; **дру́жба ~ов** халкъазул гьудуллъи 3) (*основная трудовая масса*) захIматчагIи; **просто́й ~** гIадатиял гIадамал; **трудово́й ~** хIалтIулеб халкъ 4) (*люди*) гIадамал; **у́лицы запо́лнены ~ом** къватIал гIадамазул цIун руго; **мно́го ~у** гIемераб халкъ, гIемерал гIадамал

НАРОДИ́ ТЬ *сов. кого разг.* гьаризе; **~ мно́го дете́й** гIемерал лъимал гьаризе

НАРОДИ́ //ТЬСЯ *сов.* 1) (*появиться на свет*) гьаризе; **~лась дво́йня** кIиго лъимер цадахъ гьабуна, игизал гьаруна 2) (*развиться, вырасти*) цебе тIезе, гIун бачIине, гIезе; **~лось молодо́е поколе́ние** гIолохъанаб гIел гIун буго 3) *перен. (появиться, возникнуть*); **~лись но́вые о́трасли промы́шленности** промышленносталъул цIиял бутIаби лъугьун (рижун) руго

НАРО́ДНО-ДЕМОКРАТИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое халкъиябгун демократияб; **~ строй** халкъиябгун демократияб гIуцIи

НАРО́ДНОСТ//Ь *ж* 1) халкъ (*историялда лъугьараб, бижараб, цо мацIалъул, ракьалъул гIадамазул экономикиябгун культурияб миллаталда цебехунисеб жамгIияб гIаммлъи, цолъи*); **~и се́вера** севералъул миллатал 2) (*национальная самобытность*) миллияб хаслъи 3) халкъияблъи, халкъияб букIин

НАРОДНОХОЗЯ́ЙСТВЕННЫЙ, -ая, -ое халкъияб магIишаталъул; **~ план** халкъияб магIишаталъул план

НАРО́ДН//ЫЙ, -ая, -ое *в разн. знач.* халкъияб; **~ое образова́ние** халкъияб лъай кьей; **~ые пе́сни** халкъиял кучIдул; **~ое хозя́йство** халкъияб магIишат; **~ый дохо́д** халкъияб доход; **~ое достоя́ние** халкъияб бетIергьанлъи; **~ый арти́ст** халкъияв артист; **~ая демокра́тия** халкъияб демократия; **~ый суд** халкъияб суд; **~ый геро́й** халкъияв ба-хIарчи

НАРОДОНАСЕЛЁ́НИЕ *с* улкаялъул, пачалихъалъул халкъ

НАРОЖА́ТЬ *сов. см.* **народи́ ть**

НАРОЖДА́ТЬСЯ *несов. см.* **народи́ ться**

НАРО́СТ *м* 1) хъал (*сунданиги тIад лъугьараб*) 2) гахI 3) (*хIайваназул ботIрода, беразда, боходузда*) бижараб жо

НАРОЧИ́ Т//ЫЙ, -ая, -ое (*преднамеренный, показной*) лъалаго, ургъунго, бихьизелъун гьабураб; **~ая гру́бость** ургъунго гьабураб, биччараб хъачIлъи, адаб гьечIолъи

НАРО́ЧНО *нареч.* 1) (*с целью*) ургъунго, хасаб мурадалда; **~ пришёл, что́бы говори́ ть с ва́ми** ургъунго вачIана, нужгун (мунгун) кIалъазе 2) *разг. (в шутку*) махсарадего; **я ~ э́то сказа́л, не обижа́йтесь** дица гьеб махсарадего абуна, гIайиб гьабуге ◊ **как ~** ургъунго, квешезего гIадин (*ккана*)

НАРО́ЧН//ЫЙ *м (хасаб хехаб тIадкъайгун кивениги витIарав чи*) чапар, витIунчи; **посла́ть письмо́ с ~ым** кагъат чапаргун битIизе

НАРСУ́ Д *м (народный суд*) нарсуд (*халкъияб суд*)

НА́РТА *ж* **на́рты** *мн. (североалда, гьаби яги ритIучIалги ран, хIалтIизарулел чIедерал, халатал чанагъал*) нартал

НАРУБА́ТЬ *несов. см.* **наруби́ ть**

НАРУБИ́ТЬ *сов. что, чего* къотIизе (*рохь*); бичIизе (*цIул*); буссизе (*капуста*)

НАРУ́ ЖНОСТЬ *ж* сипат; **челове́к с прия́тной ~ю** берцинаб сипаталъул инсан (чи)

НАРУ́ ЖН//ЫЙ, -ая, -ое **1.** 1) (*внешний*) къватIисеб; **~ая стена́** къватIисеб къед; **~ое освеще́ние** къватIисеб канлъи 2) (*показной*) къватIисан бихьулеб; **~ое споко́йствие** бихьулеб гIодове виччай 3) *мед.* тIасан бахунеб (*дару*); **лека́рство для ~ого употребле́ния** тIасан (гьабулеб) бахунеб дару **2.** *в знач. сущ.* **~ое** *с* черхалда бахунеб дару

НАРУ́ЖУ *нареч.* къватIибехун, тIадехун; **дверь открыва́ется** ~ нуцIа къватIибе рагьула; **наде́ть щу́бу ме́хом** ~ тIимугъ, расги къватIибехун гьабун, ретIине ◊ **всё ~** *у кого-л.* кинабго рагьун, щибго бахчичIого буго (*лъилниги*)

НАРУКА́ВНИКИ *мн.* (*ед.* **нарука́вник** *м*) тIад хколел къвалал (*хIалтIулеб мехалъ чороклъиялдаса цIунизе*)

НАРУКА́ВН//ЫЙ, -ая, -ое къвалалда тIад бугеб, къвалалда щула гьабулеб; **~ая повя́ зка** къвалалда тIасан бухьунеб чIоло

НАРУМЯ́ НИТЬ *сов. что* багIар гьабизе; **~ лицо́** гьумер багIар гьабизе

НАРУМЯ́НИТЬСЯ *сов. жиндирго* гьурмада, кIаркьабазда багIараб релъен (уба) бахине

НАРУ́ ЧН//ЫЙ, -ая, -ое кверда, гьажалда балеб; **~ые часы́** квералда (гьажалда) балеб сагIат

НАРУ́ ЧНИКИ *мн.* (*ед.* **нару́чник** *м*) (*туснахъазул квераздa ралел*) рахсал, маххал

НАРУША́ТЬ(СЯ) *несов.* **нару́шить(ся)**

НАРУШЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **нару́шить**) хвезаби, биххизаби; **~ поря́ дка** гIадлу хвезаби; **~ пра́вил у́личного движе́ния** къватIаздасан хьвадиялъул къагIидаби хвезари; **~ сна** макьу хвезаби, макьил низам хвезаби **2**. (*по гл.* **нару́шиться**) хвей, биххи; **~ кровообраще́ния** бидул хьвади хвей

НАРУШИ́ТЕЛЬ *м* низам хвезабулев чи; **~ грани́ цы** гIурхъи хвезабулев чи; **~ обще́ственного поря́дка** общественнияб (жамагIаталъул) низам хвезабулев чи

НАРУ́ ШИТЬ *сов. что* 1) (*прервать*) гьоркьоб къотIизабизе; **~ сон** макьу гьоркьоб къотIизабизе 2) (*не соблюсти*) хвезабизе, цIунунгутIизе; **~ дисципли́ ну** гIадлу хвезабизе; **~ обеща́ние** кьураб рагIи хвезабизе; **~ грани́ цу** гIурхъи хвезабизе

НАРУ́ ШИ//ТЬСЯ *сов.* хвезе, биххизе, гьоркьоб къотIизе; **сон ~лся** макьу гьоркьоб къотIана (макьу хвана)

НА́РЫ *мн.* нарал (хъорщол гIебаб тах)

НАРЫ́ В *м* бокьонацI, хьордораб бакI, тIихь

НАРЫВА́ТЬ *несов. см.* **нарва́ть**[2]

НАРЫВА́ТЬСЯ *несов. см.* **нарва́ться**

НАРЫ́ТЬ *сов. что, чего* бухъизе, бухъун бахъизе; **~ карто́феля** картошка (*кигIаналиго къадар*) бухъун бахъизе

НАРЯ́ Д[1] *м* 1) (*одежда*) ретIел (*къачIа-кIатIалелъул ретIунеб*) 2) *перен.* ретIел; **дере́вья в зи́ мнем ~е** гьутIби хасалил ратIлилъ руго

НАРЯ́ Д[2] *м* наряд (1. *кинаб букIаниги хIалтIи тIубазабизе каламалдалъун яги хъван кьолеб буюрухъ* 2. *жиндие гIоло гIарац кьолеб хIалтIи бихьизабулеб документ, гьединго къайи кьезе, босизе букIунеб документ* 3. *рагъухъабаз тIубазабулеб тIадкъай, хIалтIи; гьединаб тIадкъай тIубазабулеб рагъухъабазул къукъа*)

НАРЯДИ́ТЬ[1] *сов. кого-что* 1) (*красиво одеть*) берцинго ретIа-къазе; **~ неве́сту** бахIарай къачIазе; **~ в шу́бу** тIимугъ ретIине 2) (*вырядить*) *лъиданиги* релъгьинавун, къачIазе; *~ кого-л.* **кло́уном** *щивниги* клоун гIадин (*бацIитIагъурлъун, палугьанасул бацI гIадин*) ретIа-къазе, къачIазе

НАРЯДИ́ТЬ[2] *сов. кого (дать распоряжение исполнить какую-л. работу*) *кинаб букIаниги* хIалтIи гьабизе буюрухъ кьезе 2) (*послать кого-л. куда-л.*) ритIизе; **~ подво́ды за ле́сом** гьакал цIулада хадур ритIизе

НАРЯДИ́ ТЬСЯ *сов.* 1) (*нарядно одеться*) жиндаго берцинаб ретIел ретIине 2) (*вырядиться*) къачIадизе; **~ в маскара́дный костю́ м** маскарадалъул костюмги ретIун, къачIадизе

НАРЯ́ ДН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*красиво одетый*) берцинго ретIа-къарав; **~ые де́вушки** берцинго ретIа-къарал ясал 2) (*об одежде*) берцинаб (*ретIел*); **~ое пла́тье** берцинаб, байрамалъулаб гурде

НАРЯДУ́ 1. *нареч. с кем-чем* ращад; **же́нщины рабо́тали ~ с мужчи́нами** руччаби бихьиназда ращад хIалтIулел рукIана **2.** *в знач. предлога с тв. п.* цадахъ; **~ с трамва́ем мы по́льзуемся авто́бусом** трамвайгун цадахъ нижеца пайда босула автобусалдасанги

НАРЯЖА́ТЬ *несов. см.* **наряди́ ть**[1,2]

НАРЯЖА́ТЬСЯ *несов. см.* **наряди́ ться**

НАС *мест. личн. род., вин., предл. п. от* **мы** нилъ, нилъер

НАСАДИ́ТЬ *сов.* 1) *кого-что разг. (поместить) гIадамал сунданиги* рекIинаризе; **~ люде́й в ваго́н** гIадамал вагоналда рекIинаризе 2) *что, чего (растения)* чIезе; **~ дере́вьев** гьутIби чIезе (*ах гьабизе*) 3) *кого-что на что (надеть на что-л.)* чIвазе, хезе; **~ топо́р на топори́ще** гIощтIода чIоркь чIвазе (гIоркьида гIащтIи хезе, къазабизе)

НАСАЖА́ТЬ *сов. см.* **насади́ ть**[1,2]

НАСАЖДА́ТЬ *несов. что (внедрять*) босизабизе, малъизе; тIибитIизабизе, ругьун гьаризе; **~ гра́мотность** хъвай-цIали малъизе

НАСАЖДЕ́НИ//Е *с* **1.** (*по гл.* **насажда́ть**) тIибитIизаби, малъи **2.** *мн.* **~я** (*посадки*) чIарал гъутIби; **лесозащи́ тные ~я** рохь цIуниялъе чIарал гъутIби

НАСА́ЖИВАТЬ *несов. см.* **насади́ ть**

НАСА́ЛИВАТЬ *несов. см.* **насоли́ ть**

НАСВИ́СТЫВАТЬ *несов. что* гьиштIунаку бачине; **~ пе́сенку** кочIол бакъан гьиштIизе, гьиштIун бакъан бачине

НАСЕДА́ТЬ *несов.* 1) *см.* **наси́деть**[1,2] 2) *разг. (теснить)* тIаделъизе, нахъе къазавизе; **~ на проти́вника** тушманасде тIаделъизе

НАСЕ́ДКА *ж* къурущ

НАСЕКА́ТЬ *несов. см.* **наси́чь**

НАСЕКО́МОЕ *с* гьодал гьечIел гIисинал рухIчIаголъаби (*тIутI, на, жунжра, цIунцIра ва гь.ц.*)

НАСЕЛЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **насели́ ть**) цо бакIалда чIун, гIумру гьабулеб халкъ **2.** (*по гл.* **насели́ ться**) цо бакIалде рачIун, гIумру гьабун, чIей **3**. *областалъул, улкаялъул ва гь.ц. киналго* гIадамал, халкъ; **~ го́рода** шагьаралъул халкъ

НАСЕЛЁННОСТЬ *ж* улкаялъул халкъалъул ризлъи

НАСЕЛЁНН//ЫЙ, -ая, -ое жанир гIадамал ругеб, чIараб; **~ая кварти́ра** жанир гIадамал ругеб квартира ◊ **~ый пункт** гIадамал чIараб бакI (*шагьар, росу ва гь.ц.*)

НАСЕЛИ́ТЬ *сов. что* 1) (*заселить*) жаниб гIумру гьабулел гIадамаз кквезе 2) (*поселиться*) *кирниги* жалго чIезе, гочун рачIун, чIезе

НАСЕЛЯ́ //ТЬ *несов. см.* **насели́ ть**

НАСЕ́СТ *м* мокъ (*гIанкIуял, гургурал тIад чIолеб гIер, тIил*)

НАСЕ́//СТЬ *сов.* 1) (*сесть в большом количестве*) гIемерал гIадамал гIодор чIезе; **в ваго́н ~ло мно́го наро́ду** вагоналъур гIемерал гIадамал гIодор чIана 2) (*о пыли и т.п.*) тIад бетизе, рещтIине, тIад чIезе 3) *на кого-что (навалиться)* тIад ваччизе, жиндирго бакIлъиялдалъун чIинтIизе; **медве́дь ~л на охо́тника** ци чанахъанасда тIад баччун чIана 4) *перен. (потребовать)* тIад чIун *щибниги* гьаризе, тIалаб гьабизе; тIад рекIун вукIине

НАСЕ́ЧК//А *ж* **1.** (*по гл.* **наси́чь**) борлъун, бикIун гIуж бай, ишан кIутIи **2.** (*зарубка, узор по металлу*) чIвараб, бекьараб ишан; накъищ; **ружьё с золото́й ~ой** тIад месед бекьараб туманкI

НАСЕ́ЧЬ *сов. что (сделать насечки)* рикIун гIужал, рахъал гьаризе; **~ напи́льник** чараналда рахъал рахъизе 2) *что, чего (вырубить на поверхности*) *сунданиги* тIад ишан, накъищ кьабизе 3) *что, чего (мелко нарубить*) буссизе; **~ капу́сты** капуста гIисинго буссизе

НАСИДЕ́ТЬСЯ *сов. разг.* халатаб заманалъ (цо бакIалда) вукIине; **вдо́воль ~ до́ма** гIемераб мехалъ рокъов вукIине

НАСИ́ ЖЕНН//ЫЙ, -ая, -ое: **~ое ме́сто** гIумру гьабизе, хIалтIизе ругьунлъараб бакI; **сня́ться с ~ого ме́ста** ругьунлъараб бакIалдаса гочине, нахъе ине

НАСИ́ ЛИ//Е *с* зулму, хIал, гIакъуба; **следы́ ~я на те́ле** черхалда зулмуялъул лъалкIал

НАСИ́ ЛОВАТЬ *несов.* 1) *кого-что (неволить)* хIалица *щибниги* гьабизе тIамизе 2) *кого (женщину*) зулмуялдалъун чIужгIаданалъул яцIцIалъи хвезабизе, хIал гьабизе

НАСИ́ ЛУ *нареч. разг. (с большим трудом)* хIалица, хIалил мадаралъ, къо бихьун

НАСИ́ ЛЬНИК *м (притеснитель)* зулмучи, хIалица цогидал *щибниги* гьабизе тIамулев чи

НАСИ́ЛЬНО *нареч.* хIалица, зулмуялдалъун ◊ **~ мил не бу́дешь** *посл.* хIалица хириявлъун лъугьинаро, хIалица вокьиларо

НАСИ́ЛЬСТВЕНН//ЫЙ, -ая, -ое (*вынужденный*) зулмуя-лъулаб, зулмуялдалъун гьабураб, хIалилаб; **~ое сверже́ние самодержа́вия** пачаясул хIукумат хIалица тIаса рехи ◊ **~ая смерть** зулмуялдалъун хвезави: чIвай

НАСКА́КИВАТЬ *несов. см.* **наскочи́ ть**

НАСКА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое: **~ые изображе́ния** *археол. некIсияв инсанас* кьурабазда рахъарал суратал, гьарурал накъищал, хъвай-хъваГаял

НАСКВО́ЗЬ *нареч.* 1) добехун баккун; **пу́ля проби́ ла до́ску** ~ гуллица хъарщи кIиборлъана 2) (*полностью*) тIубанго; ~

промóкнуть (тIуванго) цIалтун виччизе ◊ **~ ви́деть** *кого-л. щивниги*, гьесул мурадал, ишал цIакъ лъикI лъазе; гъорлъан канлъи бихьизе

НАСКÓК *м разг.* **1.** (*по гл.* **наскочи́ть**) гIумруялъул нухда, ишалда рокьукъаб жогун дандчIвай **2**. (*налет*) *сунденигни, лъиденигни* хехаб, ракIалдаго гьечIеб тIадекIанцIи **3.** *перен. (грубый выпад*) хъачIаб, гIиллаго гьечIеб бадибчIвай, гIайиб гIунтIизаби ◊ **с ~а, с ~у** бачIинахъего, ургъичIого, пикру гьабичIого; лъалхъи-чIого, кIудияб хехлъиялда

НАСКÓЛЬКО *нареч. (в какой степени)* кигIанасеб къадаралда, даражаялда; **~ э́то вéрно?** кигIанасеб къадаралда гьеб битIараб бугеб?; **~ мне извéстно** дида лъалеб даражаялда

НÁСКОРО *нареч. разг.* хехго, хехаб куцалда; **~ поéсть** хехго кваназе; **~ напи́санная статья́** хехго, гIедегIалихъе хъвараб статья

НАСКОЧИ́ //ТЬ *сов. на кого-что* 1) (*натолкнуться*) бачIунаго, унаго тункизе, тIаде ккезе; **~ть на мель** тIалхияб бакIалде ккезе; **~ть на ми́ну** минаялда тIаде ккезе 2) (*набрасываться*) тIаделъизе, тIаде бортизе, тIад речIчIизе; **соба́ка ~ла на прохóжего** гьой нухлуласда тIаделъана 3) *перен. разг. (с бранью)* вагъулаго, семулаго тIаделъизе

НАСКУ́ ЧИТЬ *сов. кому разг.* чIалгIине, бизарлъизе; **~ свои́ -ми разговóрами** жиндирго гIемер гаргадиялъ чIалгIинабизе, бизарлъизабизе

НАСЛАДИ́ ТЬСЯ *сов. кому разг.* лазат, кеп, рахIат босизе; **~ пéнием** кечI ахIиялдасан кеп босизе

НАСЛАЖДÁТЬСЯ *несов. см.* **наслади́ ться**

НАСЛАЖДÉНИЕ *с* лазат, кеп, рахIат боси, гьанта рекъей, шавкъ, хIалхьи гьаби; **слу́шать му́зыку с ~м** музыкаялъухъ гIенеккун, кеп босизе (шавкъ щвезе)

НАСЛÁИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **наслои́ ть(ся)**

НАСЛÁТЬ *сов. что, кого-чего* 1) *разг.* битIизе, щвезабизе *(чанго нухалъ, кIудияб къадаралда)*; **~ подáрков** сайгъатал ритIизе 2) *уст. (бедствие, болезнь и т.п.*) *лъиденигни* балагъ бачIинабизе, унти ккезабизе ◊ **~ мор** *на кого-л. лъиденигни* кьавуда щвезабизе

НАСЛÉДИЕ *с* ирс, хутIел; **~ прóшлого** араб заманалъул хутIел; **твóрческое ~ Пу́шкина** Пушкинил гьунаралъул ирс; цересел гIасрабаз нилъее тарал культураялъул (маданияталъул), рукIарахъиналъул хутIелал

НАСЛЕДИ́ТЬ *сов.* лъалкIачинабизе; **~ на полу́** рукъалъул чIабаралда лъалкIал тезе; лъалкIачине

НАСЛ�ÉДНИК *м* 1) ирсилав, варис, инсухъачи 2) *перен. (преемник*) *лъилниги* иш гьесдаса хадуб бачунев чи; пачаясул пачалихъалда тах, хIукуматалъул ихтияр жиндихъе бачIине кколев гьесул вас яги цогидав чи

НАСЛ�ÉДНИЦА *ж* ирсилай, варис, инсухъачIужу

НАСЛÉДНЫЙ, -ая, -ое: **~ принц** тахалъул ирсилавлъун кколев принц (пачаясул, шагьасул вас)

НАСЛÉДОВАНИ//Е *с* (*по гл.* **наслéдовать**) хварав чиясул бетIергьанлъи гьесул ирсилазухъе бачIин; **прáво ~я** ирс щвеялъе ихтияр

НАСЛÉДОВАТЬ *сов. и несов. что* 1) (*получить в наследство*) *лъидасаннигни* ирсалъе щвезе, ирсалъе бачIине 2) (*иметь право на престол*) ирсалъе тах щвезе ихтияр букIине 3) *перен. кинал рукIаниги* хасиятал, тIокIлъаби ирсалъе росизе; **~ лу́чшие тради́ -ции** лъикIал гIадатал ирсалъе росизе, щвезе

НАСЛÉДСТВЕННОСТ//Ь *ж* ирсилаблъун букIин (*чорхол къватIисеб яги жанисеб гIуцIиялъулъ, гьединго гIумруялъул хасиятазулъ бугеб гIаммлъи наслуялда цIунулеб ва цоцахъе кьолеб хасият*); **зако́ны ~и** ирсалъул законал

НАСЛЕДСТВЕНН//ЫЙ, -ая, -ое 1) ирсалъулаб ирсалъе щвараб; **~ое иму́щество** ирсалъе щвараб къайи, буголъи 2) (*унасле́дованный*) умумуздасан бачIараб; щвараб; **~ые черты́ характера** умумуздасан ирсалъе щвараб гIамал-хасият; **~ая болезнь** умумузулго букIараб, ирсалъе щвараб унти

НАСЛÉДСТВ//О *с* 1) (*имущество*) бетIергьанчи хун хадуб, *лъиениги* ирсалъе хутIулеб буголъи, ирс 2) *юр. (наследование*) хварасул бетIергьанлъи гьесул ирсилазе бачIин; **права́ ~а** ирс щвезе бугеб ихтияр 3) (*наследие*) цересел гIасрабаздаса, хIаракатчагIаздаса щвараб культураялъул, рукIа-рахъиналъул *ва гь.ц.* ирс

НАСЛОЁНИ//Е *с* **1.** (*по гл.* **наслои́ ть**) гъатал гьари **2.** (*по гл.* **наслои́ться**) гъатахин, гъатал лъугьин **3.** *геол. (напластование*) ракьулъ гъата-гъатал лъугьин (*магIдан, сали ва гь.ц.*) **4.** *перен.* заманалдасан лъугьараб ва аслиябгун, цебесебгун цолъараб культураялъул, гIамал-хасияталъул, пикруялъул хаслъи, чIва; **~я после́дующих эпóх** хадусел гIасрабазул культураялъул, пикрабазул гъатал

НАСЛОЙ́ТЬ *сов. что, чего* 1) (*наложить слоями*) гъатал гьарун, лъезе; **~ те́сто** хамур, гъатIал гьарун, лъезе 2) (*разделить на слои*) гъатазде бикьизе

НАСЛОИ́ ТЬСЯ *сов. на что* гъатахине; гъатал лъугьун, *сунданиги* тIад букIине

НАСЛУ́ ША//ТЬСЯ *сов. кого-чего* 1) (*многое услышать*) гIемераб жо рагIизе, *сундухъниги* хIалхьезегIан гIенеккизе; **~ться новосте́й** цIиял харбазухъ хIалхьезегIан гIенеккизе 2) (*вдоволь послушать*) гIорцIизегIан гIенеккизе; **слу́шаю и не ~юсь** гIенеккула ва гIенеккун гIорцIуларо

НАСЛЫ́ ША//ТЬСЯ *сов. о ком-чем разг.* чиядасан, цогидаз бицун, гIемераб жо рагIизе, лъазе; **мы уже́ ~лись о твои́х успе́хах** дур бергьенлъабазул хIакъалъулъ нижеда гIемер рагIана

НАСМÁРКУ *нареч.*: **всё пошло́** ~ *разг.* кинабго гIадада, гьадинго ккана, гIадада хвана; хIасил ккечIо

НÁСМЕРТЬ *нареч.* 1) (*до смерти*) хвеледухъ; хвелеб хIалалъ; **сражён пу́лей** ~ хвеледухъ лъукъун вуго гуллица 2) (*не щадя жизни*) хвел тIаде босун, гIумруялда барахщичIого; **стоя́ть** ~ хвел тIаде босун, цIунизе: 3) *перен. разг. (очень сильно)* цIакъ кутакалда; **перепуга́ться** ~ хвеледухъ, кутакалда хIинкъизе

НАСМЕХÁТЬСЯ *несов. над кем-чем лъиданиги тIад* релъанхъизе

НАСМЕШИ́ ТЬ *сов. кого щалниги* релъанхъизаризе

НАСМЕ́ШК//А *ж* валъаргъин; **сказа́ть** *что-л.* **в ~у** махсараде ккун, *щибниги* абизе; рихунеб махсара

НАСМЕ́ШЛИВЫЙ, -ая, -ое 1) (*заключающий в себе насмешку*) тIад релъанхъилеб гIадаб 2) (*любящий насмехаться*) *лъиданиги* тIад велъанхъизе бокьулев; **~ челове́к** *лъиданиги* тIад велъанхъизе бокьулев чи

НАСМЕ́ШНИК *м разг. цогидазда тIад* велъанхъизе бокьулев чи; махсара-хочI гIемерав чи

НАСМЕ́ШНИЦА *ж* цогидазда тIад елъанхъизе бокьулей гIадан; махсара-хочI гIемерай гIадан

НАСМЕЯ́//ТЬСЯ *сов.* 1) *разг. (вдоволь)* чIалгIинегIан релъанхъизе; **~лись же мы за ве́чер!** гIезегIан релъанхъана гурищ доб сордоялъ нилъ! 2) *над кем (оскорбить)* инжит гьавун *лъиданиги тIад* релъанхъизе

НÁСМОРК *м* магIарччин; **схвати́ть** ~ магIарччин бахине, щвезе

НАСМОТРÉТЬСЯ *сов.* 1) *на кого-что (вдоволь посмотреть*) хIалхьезегIан *лъихъниги, сундухъниги* балагьизе; **мать не мóжет ~ на сы́на** эбел, васасухъ балагьун, гIорцIуларо 2) *кого-чего (увидеть многое*) гIемераб жо бихьизе; **~ но́вых кинокарти́н** гIемер цIиял кинокартинаби рихьизе

НАСОВСÉМ *нареч. прост.* тIуванго, кидагоялъе, думалъго

НАСОЛИ́ ТЬ *сов.* 1) *что, чего (заготовить впрок*) нахъаялде, цIамулъ лъун, хIадур гьабизе; **~ на́ зиму ка́дку огурцóв** хасалоялде къали охцеразул цIамулъ лъезе 2) *что разг. (сильно посолить*) цIамхIал гьабизе; **~ суп** чурпа цIамхIал гьабизе 3) *кому перен. разг. (доставить неприятность)* цогиясе лазатбахъи гьабизе; ругьнаде цIан щвазе

НАСОРИ́ТЬ *сов.* чорок гьабизе, хъублъизабизе; **~ на полу́** чIабаралда чороклъи гьабизе

НАСÓС *м* насос (*лъим яги газ кьабулеб алат, машина*); **кача́ть во́ду ~ом** насосалъ лъим кьабизе

НАСОСÁТЬ *сов.* 1) *что, чего (лъамалъи яги газ*) цIункIун къватIибе бахъизе; **~ бензи́ну в бак** насосалъ бакинибе бензин цIазе 2) *что лъимаца* хахизе; **~ грудь** лъимаца керен хахизе

НАСОСÁ//ТЬСЯ *сов.* гIорцIизегIан хахизе; **ребёнок ~лся молокá** лъимералъ гIорцIизегIан рахъ (керен) хахун буго

НÁСПЕХ *нареч.* хIалакун, гIедегIалихъе, хъата-масан; тIаса бихьун; **~ поéсть** гIедегIалихъе кваназе

НÁСТ *м* хъал (*хинлъиялда хадуб цIорой ккун, гIаздада тIад лъугьунеб*), гIаздада тIад чIвараб тIеренаб цIорол макъар

НАСТАВА́ТЬ *несов. см.* **наста́ть**

НАСТАВИ́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое насихIаталъулаб, малъахъваялъулаб, гIакълу кьеялъулаб;

НАСТА́ВИТЬ[1] *сов.* 1) *что, кого-чего разг. (поставить*) (*кигIаналиго къадаралда*) лъезе; **~ сту́льев** чаналиго бакI лъезе 2) *что (удлинить*) халат гьабизе, бацIцIине; **~ рукава́** къвалал рацIцIине, халат гьаризе 3) *что (нацелить)* битIизабизе; **~ револьве́р** (*лъиденги*) таманча битIизабизе 4) *чего разг. (синяков и т.п.*) лъезе, рахинаризе; **~ ши́ шек** гIамгIараби лъезе ◊ **~ нос** махсараде кквезе; **~ рога́** *кому-л.*: а) (*изменить мужу*) росасе хиянатлъизе; *б) (изменить жене*) лъадуе хиянатлъизе

НАСТА́ВИТЬ[2] *сов. кого на что (научить)* малъизе, ругьун гьавизе ◊ **~ на путь и́ стинный** битIараб нухде ккезавизе

НАСТАВЛЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **наста́вить**[2]) ругьун гьави **2.** (*поучение*) вагIза, насихIат; **отцо́вское ~** инсул насихIат **3.** (*руководство, инструкция*) нухмалъи, малъа-хъвай гьаби

НАСТАВЛЯ́ ТЬ[1] *несов. см.* **наста́вить**[1] 2,3

НАСТАВЛЯ́ ТЬ[2] *несов. см.* **наста́вить**[2]

НАСТА́ВНИК *м уст.* насихIатчи

НАСТА́ВНИЦА *ж уст.* насихIатчIужу

НАСТА́ИВАТЬ *несов. см.* **настоя́ ть**[1,2]

НАСТА́ИВАТЬСЯ *несов. см.* **настоя́ ться**[2]

НАСТА́//ТЬ *сов.* бачIине, тIаде щвезе, тIаде гIунтIизе; **~ла зима́** хасел тIаде щвана; **~ла весна́** их бачIана; **~ло вре́мя** заман щвана

НА́СТЕЖЬ *нареч.* кIал-кIалачIван; тIубанго рагьун; **откры́ ть две́ри ~** нуцIби кIал-кIалачIван рагьизе (тIубанго рагьизе)

НАСТЕ́НН//ЫЙ, -ая, -ое къадада балеб; **~ое зе́ркало** къадада балеб матIу; **~ый календа́рь** къадада балеб календарь; **~ая жи́-вопись** къадада бахъараб сурат

НАСТИГА́ТЬ *несов.* **насти́ гнуть** *сов. см.* **насти́ чь**

НАСТИ́ Л *м* **1.** (*по гл.* **настла́ть**) гIодоб тIамураб, тIибитIараб жо, хъарщи **2.** (*поверхность из досок*) цоцада цузарун, гIодор тIиритIарал хъарщал, гIодоб кьабураб хъарщи

НАСТИЛА́ТЬ *несов. см.* **настла́ть**

НАСТИ́ЛКА *ж см.* **насти́ л**

НАСТИ́ ЛЬНЫЙ, -ая,-ое 1) *спорт.* цокIалаб, мухъ ккун гIадин унеб; **~ прыжо́к** цокIалаб кIанцIи 2) *воен.* гIодобегIанаб; **~ полёт пу́ли** гуллил гIодобегIанаб боржин; **~ ого́нь** ракьалда тIасан, гIодобегIанисан балеб гIарада

НАСТИ́ ЧЬ *сов. кого-что лъиданиги, сунданиги* хадур гъезе, гIунтIизе; **~ беглецо́в** лъутаразда хадур гъезе

НАСТЛА́ТЬ *сов. что, чего* тIибитIизе, тIамизе, гьабизе (*нух*); кквезе

НАСТО́Й *м* 1) тIокIкIел 2) батIияб жо гъорлъ босизабун, къачIараб лъамалъи

НАСТО́ЙКА *ж* 1) гьекъел (*пихъидасан, хурдуздасан пайда босун, гьабураб гьекъел*); **вишнёвая ~** жагадул бахъараб гьекъел 2) *см.* **насто́й**

НАСТО́ЙЧИВОСТЬ *ж (упорство)* таваккал, тIадчIей; жигар (*бахъи*); **~ *чьих-л.*** **тре́бований** *лъилниги* тIалабазда тIадчIей; **~ в учёбе** цIалулъ тIадчIей

НАСТО́ЙЧИВЫЙ, -ая, -ое таваккалаб, жигараб, тIад чIараб; **~ хара́ктер** таваккалаб гIамал-хасият

НАСТО́ЛЬКО *нареч.* гьедигIан, гьеб къадаралда, даражаялда; **~ серди́т, что не жела́ет разгова́ривать** кIалъазе бокьулареб даражаялда щцин бахъун буго досул

НАСТО́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое столалда лъолеб; **~ая ла́мпа** столалда лъолеб чирахъ ◊ **~ая кни́ га** кидаго къваригIунеб, хIажалъулеб, столалда букIунеб тIехь

НАСТОРА́ЖИВАТЬ//СЯ *несов. см.* **насторожи́ ть(ся)**

НАСТОРОЖЕ́ *нареч.* цIодорго, хIадурго; **быть ~** цIодорго рукIине

НАСТОРОЖИ́ ТЬ *сов. кого-что щивниги* цIодор гьавизе ◊ **~ у́ши** гIундул гъуцIизаризе (*чIинхи чIвайдал*) (*хIайваназ*) 2) *перен.* цIодорго, кIвар кьун, гIеннекизе

НАСТОРОЖИ́ ТЬСЯ *сов.* цIодорлъизе

НАСТОЯ́ НИ//Е *с* тIад чIараб гьари, тIалаб; **по его́ ~ю** гъосул тIалабалдалъун

НАСТОЯ́ ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*настойчивый*) тIад чIараб, тIаса вичIулареб 2) (*насущный*) цIакъ хIажатаб; **~ая необходи́-мость** цIакъ хIажатаб къваригIел

НАСТОЯ́ ТЬ[1] *сов. на чём щибниги* тIалаб гьабизе, тIад чIун гьаризе; **~ на своём** жиндирабго ккун чIезе

НАСТОЯ́ТЬ[2] *сов. что, чего, на чём (сделать настойку)* гьекъел гьабизе; *кинаб букIаниги* бижулеб жоги жубан, гьекъелалъе хасаб тIагIам кьезе; *сундулниги* тIокIкIел бахъизе

НАСТОЯ́ТЬСЯ[1] *сов.* гIемер мехалъ ралагьун чIезе; **~ в ожида́нии** *кого-л. лъихъниги* гIемер мехалъ ралагьун чIезе; ралагьун чIеялъ сваказе

НАСТОЯ́ //ТЬСЯ[2] *сов. (о чае и т.п.*) лъугьине (чай)

НАСТОЯ́Щ//ИЙ, -ая, -ое **1.** 1) (*теперешний*) гьанжесеб; **в ~ее вре́мя** гьабсагIат, гьанжесеб заманалда 2) (*этот, данный*) гьаб; **в ~ей статье́** гьаб статьялда 3) (*истинный*) унго-унгояб, битIараб; **~ее зо́лото** унго-унгояб месед; **~ее и́мя** битIараб цIар; **~ий друг** унго-унгояв гьудул **2.** *в знач. сущ.* **~ее** *с* гьаб заман ◊ **~ее вре́мя** *грам.* гьанже заман

НАСТРАДА́ТЬСЯ *сов.* гIемер гIакъуба, кьварилъи бихьизе; **~ за вре́мя боле́зни** унтул заманалда (унтараб мехалъ) гIемераб гIакъуба бихьизе

НАСТРА́ИВАТЬ *несов. см.* **настро́ить**[1,2]

НАСТРА́ИВАТЬСЯ *несов. см.* **настро́иться**

НАСТРЕЛЯ́ ТЬ *сов. кого-что, чего* туманкI речIчIун, гIемер чан чIвазе; **~ у́ток** гIезегIан ордекал чIвазе

НАСТРИ́Г[-1] *м с.-х.* (*по гл.* **настри́ чь**) къунцIи

НА́СТРИГ[-2] *м с.-х. (количество настриженной шерсти*) къунцIараб квасул къадар; **~ ше́рсти с овцы́** гIиялъажоялдаса къунцIун бахъараб квас, цо гIиялъажоялдаса къунцIараб квасул къадар

НАСТРИГА́ТЬ *несов. см.* **настри́ чь**

НАСТРИ́ ЧЬ *сов. что, чего* къунцIизе; **~ килогра́мм ше́рсти** (*гIиялъажоялдаса*) квасул килограмм къунцIизе

НА́СТРОГО *нареч. разг.* кьвараараб куцалда; **~ запрети́ть** кьвараараб куцалда гьукъизе; **приказа́ть ~** кьвараараб куцалъ буюризе (буюрухъ кьезе)

НАСТРОЕ́НИ//Е *с* рекIел хIал; **хоро́шее ~е** лъикIаб рекIел хIал ◊ **челове́к ~я** рекIел хIалалда рекъон, иш гьабулев чи; **не в ~и** рекIел хIал лъикI гьечIо

НАСТРО́ИТЬ[1] *сов. что разг.* базе, разе; **~ домо́в** гIемер рукъзал разе

НАСТРО́ИТЬ[2] *сов.* 1) *что* (*муз. инструмент)* рекъезабизе; **~ балала́йку** балалайка рекъезабизе 2) *что (отрегулировать*) *щибниги* лъикI хIалтIуледухъ рекъезабизе; **~ приёмник на дли́ нную волну́** приемник халатаб волнаялда (карачелалда) рекъезабизе 3) *кого перен. цо кинаб бугониги* хIалалде вачине; **~ не в свою́ по́льзу** жиндиего пайдаяб гуреб куцалде ккезабизе; **~ про́тив** *кого-л. лъиденги* гьусизе, данде вазавизе

НАСТРО́ИТЬСЯ *сов. с неопр. и на что щибниги гьабизе* хIадур вукIине; **~ поговори́ть** гара-чIвариялъе хIадурлъизе; **~ на разгово́р** хабаралъе хIадур вукIине

НАСТРО́ЙКА *ж* **1.** (*по гл.* **настро́ить**[2]) (*музыкаялъул алат, телевизор*) рекъезаби **2**. (*механизм для настраивания*) *щибниги* рекъезабулеб алат

НАСТРО́ЙЩИК *м* настройщик (*музыкаялъул алатал, станокал, механизмаби рекъезарулев устар*)

НАСТУ́ КАТЬ *сов.* 1) *что разг. щибниги* кIутIун батизе; **~ пустоту́ в стене́** кIутIун, къадалъ гьодораб бакI батизе 2) *разг.* цебеккунго къотIи гьабураб кIутIиялдалъун лъазабизе, балъгояб жо бицине; кIутIиялдалъун бакъан бачине 3) *что, чего (напечатать)* машинкаялда кьабизе

НАСТУПА́//ТЬ[1] *несов.* 1) *см.* **наступи́ ть**[1] 2) (*вести наступление*) гьужумалъ ине; тIаде кIанцIизе; **войска́ ~ют** аскарал гьужумалъ унел руго ◊ **~ть** *кому-л.* **на го́рло** хIалица гьабизабизе, рескъотIиялде ккезавизе; **~ть на пя́ тки** хадув гъезе

НАСТУПА́ТЬ[2] *несов. см.* **наступи́ ть**[2]

НАСТУПА́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое гьужумалъулаб; **~ые бои́** гьужумалъулал рагьал

НАСТУПИ́ //ТЬ[1] *сов. на кого-что* тIад (*хIетIе*) чIезе; **~ть на лягу́шку** кьоркъода тIад лъачIого хIетIе чIезе

НАСТУПИ´ //ТЬ[2] *сов.* щвезе, бачIине; **~ла весна́** их щвана; **~ла зима́** хасел тIаде щвана; **~л день отъе́зда** унеб къо тIаде гIунтIана (щвана)

НАСТУПЛЕНИЕ[1] *с* гьужум гьаби, тIаде кIанцIи

НАСТУПЛЕ́НИЕ[2] *с* (*по гл.* **наступи́ть**[2]) бачIин, щвей, гIунтIи; **~ зимы́** хасел бачIин; **~ весны́** их щвей

НАСУ́ПИТЬ *сов.*: **~ бро́ви** кьунсрул рукIкIинаризе

НАСУ´ ПИТЬСЯ *сов.* **1.** (*о бровях, лице*) гьумер ялъуни кьунсрул, рукIкIине, рукIкIун ине **2.** кьунсрул рукIкIинарун, рокьу-къаб сипат гьабизе

НА́СУХО *нареч.* бакъвазегIан; **вы́тереть ру́ки** ~ кверал ракъвазегIан рацIцIине

НАСУШИ́ТЬ *сов. что, чего* бакъвазабизе; **~ корзи́ну белья́** корзина цIураб бусадул къайи-къоно бакъвазабизе

НАСУ´ ЩНОСТЬ *ж* гIумруялъулаб кIвар буголъи; **~ вопро́са** суалалъул гIумруялъулаб кIвар буголъи (букIин)

НАСУ´ ЩН//ЫЙ, -ая, -ое чара гьечIого хIажатаб, гIумруялъе къваригIунеб; бищунго кIвар бугеб; **~ый вопро́с** бищун кIвар бугеб суал

НАСЧЁТ *предлог с род. п. разг. лъилниги, сундулниги* хIакъалъулъ; **поговори́ть ~ рабо́ты** хIалтIул хIакъалъулъ кIалъай гьабизе

НАСЧИТА́//ТЬ *сов. что* рикIкIун къадар чIезабизе; **он ~л де́сять я́блонь** гьос анцIго гIечугъветI рикIкIана

НАСЧИ´ ТЫВА//ТЬ *несов.* 1) *см.* **насчита́ть** 2) *кого-что (содержать в себе*) жиндилъ букIине; **библиоте́ка ~ет о́коло десяти́ ты́ сяч книг** библиотекаялда буго анцIазаргоялде гIагарун тIехь

НАСЧИ́ТЫВА//ТЬСЯ *несов. (быть, иметься)* букIине; **в го́роде ~ется миллио́н жи́телей** шагьаралда буго миллион халкъ

НАСЫЛА́ТЬ *несов. см.* **наспа́ть**

НАСЫ´ ПАТЬ *сов.* 1) *что, чего (на поверхности)* щвазе, базе; **~ се́мечек на стол** столалда тIаде семечка базе;**~ песку́ на доро́жку** нухде сали щвазе 2) *что, чего, чем* цIезабизе; **~ мешо́к кукуру́зой** къандалъо (хъап) цIоросаролъил цIезабизе 3) *что, чего (некоторое количество)* базе, кьезе; **~ овса́ лошадя́м** чуязе неха базе, кьезе **~ муки́ в ларь** ханжу санкIинибе базе 4) *что (возвести)* гьабизе; **~ курга́н** гохI гьабизе

НАСЫПА́ТЬ *несов. см.* **насы́пать**

НАСЫПНО́Й, -а́я, -о́е бараб, бан гьабураб; **~ холм** ракь бан гьабураб гохI

НА́СЫПЬ *ж* ракьул сангар; **железнодоро́жная ~** маххул нухлул ракьул гьабураб борхалъи

НАСЫ´ //ТИТЬ *сов.* 1) *кого (накормить досыта*) гIорцIизегIан кваназавизе; **~ть голо́дного** вакъарав гIорцIизавизе 2) *хим.*: **~тить раство́р соля́ми** раствор цIамаздалъун хьезабизе 3) *что перен. (наполнить до предела)* цIезабизе; **во́здух ~щен па́ром** гьава хIухьлал цIун буго

НАСЫ́ТИ//ТЬСЯ *сов.* 1) (*наесться досыта*) гIорцIизегIан кваназе, гIорцIизе; **я ~лся** дун гIорцIана 2) *чем перен. (пропитаться*) хьезе, цIезе, гIорцIизе; **земля́ ~лась вла́гой** ракь рагьлица гIорцIун буго (рагьлида хьун буго)

НАСЫЩА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **насы́тить(ся)**

НАСЫЩЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **насы́тить**) гIорцIизаби, хьезаби, цIезаби **2.** (*по гл.* **насы́титься**) гIорцIи, цIей, хьей

НАСЫЩЕННЫЙ, -ая, -ое 1) *хим.* цIураб, гьорлъ босараб; 2) *перен. (содержательный*) цIураб, бечедаб, хьараб

НАТА́ЛКИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **натолкну́ть(ся)**

НАТА́ПЛИВАТЬ *несов. см.* **натопи́ть**

НАТА́ПТЫВАТЬ *несов. см.* **натопта́ть**

НАТАСКА́ТЬ[1] *сов.* 1) *что, кого-чего (притащить в несколько приёмов*) дагь-дагьккун баччизе; **~ дров** цIул дагь-дагьккун баччизе 2) *кого-что разг. (украсть)* бикъизе 3) *что, чего (извлечь откуда-л.*) босизе; **~ цита́т из ра́зных книг** батIи-батIиял тIахьаздаса цитатал росизе 4) *кого разг. (наказать) лъиениги* тамихI гьабизе (*гIундул, рас цIан*)

НАТАСКА́ТЬ[2] *сов. кого* 1) (*выдрессировать*) ругьун гьабизе, квегъизе, куцазе; **~ охо́тничью соба́ку** чанил гьой ругьун гьабизе 2) *разг.* мухIканаб ишалъе хIажатаб жо малъизе; *кинаб букIаниги* лъай-гIакълу кьезе; **~ ученика́ к экза́мену** цIалдохъан экзаменалде хIадур гьавизе

НАТА́СКИВАТЬ[1,2] *несов. см.* **натаска́ть**[1,2]

НАТА́ЧИВАТЬ *несов. см.* **наточи́ть**

НАТАЩИ´ ТЬ *сов. см.* **натаска́ть**[1]

НАТВОРИ´ //ТЬ *сов. что, чего разг.* гIайиб чIвалел, рекъечIел ишал гьаризе; **что ты ~л!** дуца гьабураб жо щиб!; **~ть глу́постей** ахIмакъал ишал гьаризе

НА́ТЕ *частица разг. см.* **на**[2] ◊ **~ вам!** гьеле нужее!

НАТЕКА́ТЬ *несов. см.* **натечь**

НАТЕ́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое битIахъе черхалда ретIунеб; **~ая рубаха** гъоркьан гурде

НАТЕРЕ́ТЬ *сов.* 1) *кого-что чем (намазать)* бахине, лъулъан бахине; **~ ру́ки кре́мом** кверазда крем бахине 2) *что (придать блеск*) лъулъан цIвакизабизе, кунчIизабизе; **~ пол** чIабар лъулъан цIвакизабизе 3) *что (повредить трением*) лъулъан унтизабизе; кIвекIизе; **сапо́г натёр но́гу** чакмаялъ хIетIе кIвекIун буго 4) *что, чего (измельчить*) буссизе, гIисин гьабизе; **~ ре́дьку** талган буссизе; *сунданиги* лъулъан, гIисин гьабизе

НАТЕРЕ́ТЬСЯ *сов. чем* 1) жиндаго бахине (*мазь, вазелин ва гь.ц.*) 2) цIвакизе, лъулъан цIвакизе; **парке́т хорошо́ натёрся** паркет лъикI цIвакун буго 3) гIисинлъизе; **сыр ме́лко натёрся** хIан гIисинго хъурун буго

НАТЕРПЕ́ТЬСЯ *сов. чего разг. щибниги* захIматаб, рокьукъаб жо гIемер хIехьезе ккезе; **~ стра́ху** гIемераб хIинкъи хIе-хьезе ккезе

НАТЕ́//ЧЬ *сов.* чвахизе; **в подва́л ~кла́ вода́** подвалалъубе лъим чвахана

НАТИРА́ТЬ *несов. см.* **натере́ть**

НАТИ´ РКА *ж разг.*: **~ поло́в** чIабарал лъулъан цIвакизари

НА́ТИСК *м* таваккалаб, хIаракатаб тIадецуй; жигараб гьужум, тIадекIанцIи; **сде́рживать ~ врага́** тушманасул гьужум чIезабизе

НАТКНУ́ТЬСЯ *сов.* 1) *на кого-что щибниги* бегIераб жоялда тIаде ккезе; **~ на гвоздь** магIалда тIаде ккезе; ракIалде гьечIеб бакIалда *сунданиги* тункизе; **~ на столб** хIобода тункизе 2) *на что перен.(неожиданно втсретить, обнаружить*) ракIалдаго гьечIого, дандчIвазе; **~ на препя́тствие** квалквал, квекIен дандчIвазе

НАТОЛКНУ́ТЬ *сов. кого-что* 1) *на кого-что (заставить удариться*) *сунданиги* тункизабизе 2) *на что перен. (наставить*) кантIизавизе; **~** *кого-л.* **на пра́вильный путь** *щивниги* битIараб нухде ккезавизе, кантIизавизе

НАТОЛКНУ́ТЬСЯ *сов. см.* **наткну́ться**

НАТОЛО́ЧЬ *сов. что, чего* гIисин гьабизе, хъуризе; **~ со́ли** цIан хъуризе

НАТОПИ´ ТЬ[1] *сов. что (цIа бакун*) хинлъизабизе, боркьизе; **~ кварти́ру** квартира (рукъ) хинлъизабизе

НАТОПИ´ ТЬ[2] *сов. что, чего* 1) биинабизе; **~ ма́сла** нах биинабизе 2) буссинабизе; **~ воды́ из сне́га** гIазу биинабун, лъим гьабизе (лъее гIазу биинабизе), гIазу лъеде буссинабизе

НАТОПТА́ТЬ *сов. что и без доп.* **1.** мерхьун чIабаралда гьизарал лъалкIал тезе, лангал лъезе **2.** *перех.* мерхьун сухъмахъ лъугьинабизе

НАТОЧИ́ТЬ *сов. что, чего* рекIинабизе; **~ нож** нус рекIинабизе

НАТОЩА́К *нареч.* мачIикьго; **приня́ть лека́рство ~** дару мачIикьго гьекъезе

НАТРАВИ́ТЬ *сов.* 1) *кого-что на кого-что* гьусизе; **~ соба́к на зве́ря** жанаваралде гьаби гьусизе 2) *кого-что на кого-что перен. разг. (возбудить против кого-л.*) *лъиданиги* данде разаризе, гьусизе 3) *кого-чего* загьруялъ хвезаризе; **~ мышей** загьруялъ гIункIкIал хвезаризе 4) *что, чего (сделать изображение травлением*) *сунданиги тIад*, кислотаялъ кваназабун (биинабун), сурат лъугьинабизе

НАТРА́ВЛИВАТЬ *несов. см.* **натрави́ть**

НАТРЕНИРО́ВАННЫЙ, -ая, -ое куцарав; **~ спортсме́н** лъикI куцарав (лъикIаб хIадурлъи щварав) спортсмен

НАТРЕНИРОВА́ТЬ *сов. кого-что* лъикI куцазе, ругьун гьавизе; яравул гьабизе

НА́ТРИЙ *м* натрий (*хим. элемент, металл*)

НА́ТРОЕ *нареч.* лъабиде; **разре́зать ~** лъабиде (лъабихъе) къотIизе

НАТРУДИ́ТЬ *сов. что* гIемер хIалтIиялъ, рилъльиналъ *ва гь.ц.* цIакъ сваказе, унтараб хIалалде ккезе; ~ **себе́ но́ги** гIемер рилъльиналъ боxдул сваказаризе, унтизаризе, гьана риххизаризе

НАТРУ́ ЖИВАТЬ *несов. см.* **натруди́ ть**

НАТРЯСА́ТЬ *несов. см.* **натрясти́**

НАТРЯСТИ́ *сов. что, чего* кIобокIун гьинабизе, гьветI гьурщун, бакIаризе; ~ **я́ блок с я́ блони** кIобокIун гIечугъотIодаса гIеч гьинабизе; ~ **опи́ лок на пол** чIабаралде цIулал ххара гьинабизе, кIутIизе

НА́ТУГО *нареч. разг.* дугъдан; **затяну́ть ~ реме́нь** рачел дугъдазабун къазе

НАТУ́ЖИТЬСЯ *сов. разг.* тIобабго къуват бакIаризе, дугъдазе

НАТУ́ Р//А *ж* 1) *уст. (природа)* тIабигIат 2) (*характер*) гIамал-хасият; **по ~е он не злой** гIамал-хасияталъул рахъалъ ццидалав чи гуро дов 3) *эк.* гIарцул бакIалда мухьалъе кьолеб къайи; **опла́та ~ой** гIарцул бакIалда мухьдае къайи кьей 4) *иск.* жиндасан сурат бахъулеб тIабигIияб, чIагояб мисал

НАТУРАЛИ́ ЗМ *м* натурализм (*19 векалъул 60-абилел соназда буржуазияб литератураялда ва искусствоялда лъугьараб общество цебетIеялъул законал тIабигIаталъулазда ращад гьарулеб, хIакъикъаталъул сурат бахъулеб къагIида*)

НАТУРАЛИ́ СТ *м* натуриалист (**1.** *тIабигIат лъазабулев чи;* **2.** *тIабигIиял гIелмабазул специалист*)

НАТУРА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое тIабигIияб; **~ый шёлк** тIабигIияб (бацIцIадаб) чиллай 2) хIакъикъаталъе ритIухъаб, хIакъикъияб; **портре́т в ~ую величину́** хIакъикъияб кIодолъиялда бахъараб сурат 3) *эк.* гIарцул бакIалда къайиялдалъун мухь кьолеб; **~ое хозя́йственное** гьарурал продуктаби гьел гьарулез хIалтIизарулеб, ричулареб магIишат ◊ **~ый ряд чи́сел** цоцазда хадур рачIунел тарихазул мухъ: 1, 2, 3, 4, 5 *ва гь.ц.*

НАТУ́РЩИК *м* натурщик (*художникасда, скульпторасда сураталъе цеве чIолев чи*)

НАТУ́ РЩИЦА *ж* натурщица (*сураталъе цее чIолей гIадан*)

НАТЫКА́ТЬСЯ *несов. см.* **наткну́ться**

НАТЮРМО́РТ *м* натюрморт (*чIагоял гурел предметал жинда рахъараб сурат, гьединго жидедасан художникас сурат бахъулел предметал*)

НАТЯ́ ГИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **натяну́ть(ся)**

НАТЯЖЁ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **натяну́ть**) цIазаби, дугъдазаби **2.** (*по гл.* **натяну́ться**) цIай, дугъдай **3.** *мед.* ругьун данде буцIцIин

НАТЯ́ ЖК//А *ж* **1.** (*по гл.* **натяну́ть**) цIай **2.** *перен.* ихтияр гьечIого, *цибниги* биччай; *лъидениги* цIай, цIахъа-рахъай гьаби

НАТЯ́НУТОСТЬ *ж* 1) дугъдай 2) *перен.* гIадатаб гьор-кьоблъи гьечIолъи; ~ **отноше́ний** гьоркьорлъаби дугъдай, хIалуцин

НАТЯ́ НУТ//ЫЙ, -ая, -ое 1) цIараб, дугъдараб; **~ая верёвка** дугъдараб, дугъдабазун цIараб квар 2) *перен.* хIалуцараб, гьудулльи гьечIеб; **~ые отноше́ния** хIалуцарал гьоркьорлъаби

НАТЯНУ́ ТЬ *сов. что* 1) (*сделать тугим*) цIазе, дугъдазабизе; ~ **во́жжи** квелъ цIазе; ~ **стру́ны балала́йки** балалайкаялъул чIваби кьуризе 2) *разг. (надеть)* ретIине, тIаде цIазе; ~ **на себя́ одея́ло** юргъан жиндаго тIаде цIазе 3) хIалица гIезабизе; ~ **ученику́ тро́йку** цIалдохъанасе лъабилаб хIалица лъезе ◊ **натяну́ть нос** *кому-л. щивниги* къосинавизе, гIадал гьавизе

НАТЯНУ́ ТЬСЯ *сов. (стать тугим)* дугъдан, цIан, хIалуцун ине, дугъдазе

НАУГА́Д *нареч.* щулияб божилъи гьечIого, ракIалде ккововхъе; **сказа́ть** ~ ракIалде ккововхъе абизе

НАУДА́ЧУ *нареч.* битIун ккелилан хьулалда, цебеккунго ургъичIого; **идти́** ~ битIун ккелилан хьулалда ине, ургъичIого ине

НАУ́ К//А *ж* гIелму; **обще́ственные ~и** жамгIиял гIелмаби; **есте́ственные ~и** тIабигIиял гIелмаби; **акаде́мия нау́к** гIелмабазул академия ◊ **пусть э́то бу́дет тебе́ ~ой** биччан те гьеб дуе дарслъун букIине

НАУ́СЬКАТЬ *сов. кого-что на кого-что разг.* гьусизе; ~ **соба́к** гьаби гьусизе

НАУ́ СЬКИВАТЬ *несов. см.* **нау́ськать**

НАУТЁК *нареч. разг.*: **пусти́ться** ~ нахъ валагьичIого, *лъидасаниги* лъутизе, тIурун виччан тезе, мугъал бан, тIуризе

НАУ́ТРО *нареч. (метерисеб къоялъул)* нахъисеб къоялъул радал, радалиса; ~ **вы́ехали из го́рода** шагьаралдаса радалиса къватIире лъугьана (рахъана)

НАУЧИ́ТЬ *сов. кого чему ирс неопр.* малъизе*;* ~ **ребёнка чита́ть** лъимералда цIализе малъизе; ~ **ремеслу́** устарлъиялъе ругьун гьавизе

НАУЧИ́ //ТЬСЯ *сов. чему и с неопр.* ругьунлъизе; **он ~лся чита́ть** гъов цIализе ругьунлъун вуго; **~ться ру́сскому языку́** гIурус мацIалъе ругьунлъизе, гIурус мацI лъазе

НАУ́ ЧНО-ИССЛЕ́ДОВАТЕЛЬСКИЙ, -ая, -ое гIелмиябгун цIех-рехалъулаб; ~ **институ́т** гIелмиябгун цIех-рехалъулаб инс-титут

НАУ́ ЧНО-ПОПУЛЯ́ РН//ЫЙ, -ая, -ое гIелмиябгун машгьураб; **~ая литерату́ра** гIелмиябгун машгьураб литература

НАУ́ ЧНО-ПРОСВЕТИ́ ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая,-ое гIелмугун лъай тIибитIизабиялъул; **~ая организа́ция** гIелмугун лъай тIибитIизабиялъул организация (тIибитIизабулеб организация, идара)

НАУ́ЧНОСТЬ *ж* гIелмияб букIин

НАУ́ ЧНО-ТЕХНИ́ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое гIелмиябгун техникияб; **~ое о́бщество** гIелмиябгун техникияб общество

НАУ́ЧН//ЫЙ, -ая,-ое гIелмияб; **~ый рабо́тник** гIелмияв хIалтIухъан; **~ые произведе́ния** гIелмиял асарал; **~ый центр** гIелмияб центр; **~ая организа́ция труда́ (нот)** гIелмияб куцалъ хIалтIи гIуцIи (нот)

НАУ́ШНИ//КИ *мн.* (*ед.* **нау́шник** *м*) 1) тIогърол гIундул; **ша́пка с ~ками** гIундул ругеб тIагъур 2) (*телеграфные*) наушникал (*телеграфалъухъ, радиоялъухъ гIенеккизе гIундузда ралел приборал, алатал*)

НАУ́ ШНИЧАТЬ *несов. разг.* балъго *лъиданиги тIасан* мацI гьабизе, нахъасан гаргадизе

НАУЩЕ́НИ//Е *с*: **по ~ю** *кого-л. лъицаниги* малъун; гьоркьан балъго хIалтIун

НАФАРШИРОВА́ТЬ *сов. что* чIвангьаналъ цIезе; ~ **колба́су́** бакь цIезе (*чIвангьаналъ, кигIаналиго къадаралда*)

НАФТАЛИ́ Н *м* нафталин, ицидару

НАХА́Л *м* ничгьечI, нич гьечIев чи, адабгьечI

НАХА́ЛКА *ж* ничгьечI, нич гьечIей гIадан, адабгьечI

НАХА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое нич, адаб гьечIеб; **~ый челове́к** нич гьечIев чи; **~ое поведе́ние** нич гьечIеб гIамал, хасият, хьвада-чIвади

НАХА́ЛЬСТВО *с* адаб гьечIолъи,нич-намус гьечIолъи

НАХВАЛИ́ ТЬСЯ *сов. кем-чем разг.* гIорхъолъа ун, вещцаризе, вещцизе; **оте́ц не мог ~ сы́ном** эмен, вас вещцун, гIорцIулев вукIинчIо

НАХВАТА́ТЬ *сов. что, чего разг.* кквезе, босизе, бакIаризе, данде гьабизе; ракIалда гьечIого, *щибниги* босизе, щвезе; ~ **зна́ний** доба-гьанисан дагьа-макъаб батIи-батIияб лъай щвезе

НАХВАТА́ТЬСЯ *сов. чего разг.* гIедегIун, батIалъи гьабичIого, бакIа-бахаризе; ~ **ра́зных све́дений** гIедегIун батIи-батIиял баянал ракIаризе

НА́ХИ *мн. (чеченцы, ингуши и бацбийцы)* чачанал, ингушал,бацIбиял

НАХИ́МОВЕЦ *м* Нахимовасул цIаралда бугеб училищея-лъул цIалдохъан

НАХИ́МОВСК//ИЙ, -ая, -ое: **~ое учи́ лище** Нахимовасул цIаралда бугеб училище, Нахимовасул училище

НАХЛЕ́БНИК *м* 1) *уст. (тот, кто питается за плату, а иногда и живёт в чужой семье*) мухь кьун, чияр хъизамалда кваналев *цо-цо мехалъ* гьенибго гIумруги гьабулев чи 2) (*приживальщик*) чияр кванда, харжазда вугев чи

НАХЛОБУ́ ЧИВАТЬ *несов. см.* **нахлобу́чить**

НАХЛОБУ́ ЧИТЬ *сов. что разг.* хъубухъун лъезе (*тIагъур*)

НАХЛОБУ́ЧК//А *ж разг.* кьвараб куцалъ лъазаби, семи, гIайиб гьаби; гIадалъ жо бай; хъапас; **он получи́ л ~у** гьесие хъапас щвана

НАХЛЫ́ НУ//ТЬ *сов.* 1) (*набежать, появиться*) гьулчун, чвахун бачIине; **~ла волна́** карачел гьулчун бачIана 2) *перен.* гIемерав чи вачIине; **~ла толпа́** гIадамазул руккел бачIана (тIаде щвана)

НАХМУ́ РЕНН//ЫЙ, -ая, -ое букIкIараб, къваридаб, ургъалилъе ккараб, кьерхараб; **~ое лицо́** кьерхараб гьумер; **~ бро́ви** рукIкIинарурал кьунсрул

НАХМУ́ РИВАТЬСЯ) *несов. см.* **нахму́рить(ся)**

НАХМУ́ РИТЬ *сов.:* **~ лицо́** гьумер букIкIинабизе; **~ бро́ви** кьунсрул рукIкIинаризе

НАХМУ́ РИТЬСЯ *сов.* 1) (*о лице, бровях*) букIкIине, къварилъизе 2) (*стать пасмурным*) кьерхине (*гьава-бакъалъул хIахъалъулъ*)

НАХОДИ́ТЬ[1,2] *несов. см.* **найти́** [1,2] ◊ **не ~ себе́ ме́ста** рахIат хун, гьабизе жо лъаларого вукIине, кIанцIизе бакI тIагIун ву-кIине

НАХОДИ́ ТЬСЯ[1] *несов.* 1) *см.* **найти́ сь** 2) (*быть, пребывать*) букIине; **шко́ла наго́дится в це́нтре села́** школа буго росдал бакьулъ (росубакьулъ); **~ в ве́дении** *кого-л. лъилниги* ихтияралда букIине

НАХОДИ́ ТЬСЯ[2] *сов. разг. (походить вдоволь*) цого нухдасан гIемер хьвадизе; гIемер хьвадиялъ сваказе; **~ по го́роду** шагьаралда гIемер хьвадиялъ сваказе

НАХО́ДК//А *ж* 1) (*найденная вещь*) *кибниги* батараб жо, гIодоб батараб жо 2) *перен. (о чем-л. удачном*) бергьенлъиялда бажарараб, ккараб, тIубараб иш; **режиссёрские ~и** режиссёрас лъикI гьабураб хIалтIи, гьесда батараб цIияб жо; хазина

НАХО́ДЧИВОСТЬ *ж* бажари, цIодорлъи, нахъгIунтIи, хехго рекIеда вати; **прояви́ ть ~** бажари бихьизабизе

НАХО́ДЧИВЫЙ, -ая, -ое захIматаб ахIвал-хIалалда бигьаго ва хехго нух батулев; цIодорав; **~ отве́т** цIодораб жаваб, нахъгIу́нтIараб жаваб

НАХОЖДЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **находи́ ть**[1]) бати **2.** (*по гл.* **находи́ ться**[1]) букIин

НАХО́ХЛИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **нахо́хлить(ся)**

НАХО́ХЛИТЬ *сов. что* хIулаби хучизаризе (хуч-хучизаризе)

НАХО́ХЛИТЬСЯ *сов.* 1) (*о птицах*) хучизе хIулиги гьабун, жанибе бетIерги цIан, чIезе 2) *перен. разг. (помрачнеть)* къваридаб, разилъи гьечIеб хIалалда вукIине; кьерхун вукIине; гIунун вукIине

НАХРА́ПОМ *нареч. разг.* нич бахъун, нич тIагIун; **де́йствовать ~** нич бахъун, тIаделъизе

НАЦАРА́ПАТЬ *сов. что* 1) (*сделать царапины*) хъарсизе, хъарсун, гIуж лъезе 2) *разг. (плохо написать*) квешго хъвазе; **~ письмо́** кагъат квешго (квешаб хатIалъ) хъвазе

НАЦЕДИ́ ТЬ *сов. что, чего* цIцIузе; **~ молока́** рахь цIцIузе; цIцIун тIезе (*кигIаналиго къадаралда*)

НАЦЕ́ЖИВАТЬ *несов. см.* **нацеди́ ть**

НАЦЕ́ЛИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **наце́лить(ся)**

НАЦЕ́ЛИТЬ *сов. что* гIужде ярагъ битIизабизе; **~ ору́дие** гIарада гIужде битIизабизе

НАЦЕ́ЛИТЬСЯ *сов.* 1) (*при стрельбе*) ишан босизе, кквезе 2) *на что и с неопр. перен. щибниги* гьабизе хIадурлъизе; **~ сесть за рабо́ту** хIалтIи гьабизе, (хIалтIуда нахъа гIодов чIезе) хIадурлъизе 3) жиндаго цебе цо мурад лъезе, *сунденги* ишан кквезе (*щивлъунниги вахъине*)

НАЦЕ́НИВАТЬ *несов. см.* **нацени́ ть**

НАЦЕНИ́ТЬ *сов. что* багьа цIикIкIинабизе; **~ това́ры** къайидул багьа цIикIкIинабизе

НАЦЕ́НК//А *ж* **1.** (*по гл.* **нацени́ ть**) багьа цIикIкIинаби **2.** (*сумма*) тIаде жубараб къадар; **~и на това́ры** къайиялъул ба-гьялде тIаде жубараб къадар (*багьа кигIаналъ хира гьабураб*)

НАЦЕПИ́ТЬ *сов. что* 1) (*наве́сить*) базе; **~ нажи́вку на крючо́к** гьармахъалда ччугIие жо (хIапара) базе 2) *разг. (надеть на себя)* жиндаго базе; **~ се́рьги** кIилкIал разе; борлъун, рукIкIен чIван, рекIинабизе *(щибниги сунданиги)*

НАЦЕПЛЯ́ ТЬ *несов. см.* **нацепи́ ть**

НАЦИ́ ЗМ *м* нацизм (*Германиялъул фашизм*)

НАЦИОНАЛИЗА́ЦИЯ *ж:* **~ земли́** хасаб бетIергьанлъиялда букIараб ракь, рукъзал, банкал, заводал пачалихъалъул ихтияралде кьей; пачалихъ бетIергьанаблъун гьаби

НАЦИОНАЛИЗИ́РОВАТЬ *сов. и несов. что* пачалихъ бетIергьанаблъун гьабизе; **~ сре́дства произво́дства** тIолалго хIалтIул алатазул бетIергьанлъун пачалихъ гьабизе

НАЦИОНАЛИ́ЗМ *м* миллатчилъи (*цо халкъ тIадегIанаблъун рикIкIунеб, цогидал хIакъир гьарулеб идеология*)

НАЦИОНАЛИ́СТ *м* миллатчи (**1.** *миллатчилъиялъул рахъ кколев чи* **2.** *гIелмуялда, культураялда миллатчилъиялъул вакил)*

НАЦИОНА́ЛЬНО-ОСВОБОДИ́ ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое миллияб эркенлъиялъул; къватIисеб пачалихъалъул лагълъиялдаса жидерго улка, халкъ эркенлъиялъе гIоло гьабулеб; **~ая борьба́** миллияб эркенлъиялъе гIоло къеркьей

НАЦИОНА́ЛЬНОСТ//Ь *ж* 1) *см.* **наро́дность** 2) миллат; **он по ~и ава́рец** гьев авар миллатлъул чи вуго

НАЦИОНАЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое 1) миллияб; **~ый вопро́с** миллияб суал; **~ая поли́ тика** миллияб политика; **~ая культу́ра** миллияб маданият, культура 2) (*государственный*) пачалихъалъулаб; **~ый флаг Росси́ и** Россиялъул пачалихъалъулаб байрахъ

НАЦИ́СТ *м* нацизмалъул рахъ кколев чи, Германиялъул фашистазул партиялъул член

НАЦИ́ СТСКИЙ, -ая, -ое нацистазулаб

НА́ЦИЯ *ж* 1) миллат (*гIаммаб мацIалъул, ракьалъул, магIишаталъул ва пикру гьабиялъул кьучIалда тарихияб куцалъ лъугьараб гIадамазул щулияб цолъи*) 2) пачалихъ, улка. **Организа́ция Объедине́нных На́ций (ООН)** Цолъарал Миллатазул организация

НАЧАДИ́ ТЬ *сов.* кIкIуйтIачинабизе, кIкIуй биччазе

НАЧА́Л//О *с* 1) байбихьи; авал; бетIер; **~о учёбного го́да** цIалул соналъул авал; **в са́мом ~е** ишалъул байбихьуда; **с са́мого ~а** авалалдасанго; **от ~а до конца́** авалалдаса ахиралде щвезегIан 2) (*исходный пункт*) жиндасан байбихьулеб бакI; **~о пути́** нухлул авал 3) (*причина*) *сундуениги* гIилла 4) *мн.* **~а** (*принципы*) къагIидаби; **организова́ть де́ло на но́вых ~ах** иш цIияб къагIидаялда гIуцIизе ◊ **под ~ом** *чым или у кого уст. лъилниги* бетIерлъиялда, нухмалъиялда гъоркь

НАЧА́ЛЬНИК *м* начальник, бетIер, хIаким; **~ це́ха** цехалъул начальник

НАЧА́ЛЬНИЦА *ж уст. и разг.* начальница

НАЧА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое байбихьул, авалияб, бетIераб; **~ая шко́ла** байбихьул школа; **~ый пери́ од** байбихьул заман

НАЧА́ЛЬСТВО *с собир.* начальникзаби, хIакимзаби, бутIрул

НАЧА́ЛЬСТВ//ОВАТЬ *несов.* хIакимлъи гьабизе; **~ующий** хIакимлъи гьабулев

НАЧА́ТЬ *сов. что и с неопр.* байбихьизе; **~ постро́йку** базе байбихьизе; **~ снача́ла** бетIералдасан байбихьизе; **не зна́я, с чего́ ~** сундасан байбихьилебали лъачIого; **~ речь приве́тствием (с приве́тствия)** кIалъаялде салам кьеялдасан байбихьизе

НАЧА́//ТЬСЯ *сов.* байбихьизе; байбихьун букIине; **ссо́ра ~ла́сь с пустяко́в** дагIба гьадингояб жоялдасан байбихьана

НАЧЕКУ́ *нареч.* хIадурго, цIодорго; **быть ~** цIодорго вукIине

НА́ЧЕРНО *нареч.:* **написа́ть ~** цебеккун, бацIцIад гьечIого, тIубан лъугIизабичIого, хъвазе

НАЧЕРТИ́ТЬ *сов. что* 1) чертеж, сурат бахъизе; **~ план** план бахъизе 2) *уст.* хъвазе, хъинтIизе

НАЧЁС *м* **1.** (*по гл.* **начеса́ть**) гьаркьица ххан къачIай **2.** (*ворс*) рас (*исхъалиялда, къатIипаялда тIад бугеб*); **атла́с с ~ом** рас бахъараб гIатIлас; **~ бу́рки** (*ретIунеб*) буртинаялъул рас

НАЧЕСА́ТЬ *сов.* 1) *что, чего* ххазе, къачIазе; **~ ше́рсти** квас къачIазе 2) (*повредить чесанием*): **~ ру́ки до крови́** кверал, би баккизегIан, хъасизе

НАЧЁСТЬ *сов. что бух.* хIисабалде босичIеб гIарац хвезабиялъе гIоло гьеб гIайибиязда кквезе, бахъизе

НАЧЁТ *м бух.* начет (*хIисабалде босичIеб харжалъе гIоло бахъулеб гIарац*)

НАЧЁТЧИК *м* цIалунчи (*тIаса-масаго цIалидал, тIахъаздасан пайдаяб жо жинда лъачIев чи*)

НАЧИНА́НИЕ *с* байбихьи; *лъицаниги, лъилниги* хIаракаталдалъун байбихьараб иш, хIалтIи; **хоро́шее ~** лъикIаб байбихьи

НАЧИНА́//ТЬ *несов. см.* **нача́ть**; **~я с чего́** сундасан байбихьун

НАЧИНА́//ТЬСЯ *несов.* 1) *см.* **нача́ться** 2) (*вести начало откуда-л.*) цо бакIалдасан байбихьизе; **пье́са ~ется прие́здом геро́я** пьеса байбихьула герой вачIиналдалъун; **отсю́да ~ется го́род** гьанисан байбихьула шагьар

НАЧИНА́ЮЩИЙ, -ая, -ое байбихъулев, дагьав цеве ишалде лъугьарав; **~ писа́тель** байбихъулев хъвадарухъан

НАЧИНИ́ТЬ[1] *сов. что чем* жаниб лъун, цIезе, цIезабизе; **~ пиро́г мя́сом** пирог гьанал цIезе, пирогалда жаниб гьан лъезе

НАЧИНИ́ТЬ[2] *сов. что, чего* къачIазе, букъизе; **~ белья́** бусен-къайи, гьоркьан ретIел къачIазе (*кигIаналиго къадаралда*)

НАЧИНИ́ТЬ[3] *сов. что, чего* бегIеризе; **~ карандашо́й** къалмал регIеризе

НАЧИ́НКА *ж* 1) цIей 2) жаниб лъолеб жо; **пиро́г с мясно́й ~ой** гьаналъ пирог

НАЧИНЯ́ТЬ *несов. см.* **начини́ть**

НАЧИСЛЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **начи́слить**) хIисаб-суал гьабун, тIаде бачIунелъул *(мас. харжалде)* къадар чIезаби **2.** (*сумма*) тIаде бачIараб гIарац

НАЧИ́СЛИТЬ *сов. что* 1) хIисаб гьабун, тIаде бачIунеб гIарцул къадар чIезабизе 2) *лъилниги* счеталда *гьесие* бачIунеб харж хъвазе; захIматкъоял хъвазе; **~ проце́нты на капита́л** капиталалда тIаде рачIунел процентал хъвазе

НАЧИСЛЯ́ТЬ *несов. см.* **начи́слить**

НАЧИ́СТИТЬ *сов.* 1) (*очистить*) *что, чего* бацIцIун хIадур гьаби; **~ карто́феля** картошка бацIцIун хIадур гьабизе 2) *что (хорошо вычистить)* лъикI бацIцIад гьабизе; **~ сапоги́ до бле́ска** чакмаби цIвакизегIан рацIцIад гьаризе

НА́ЧИСТО *нареч.* 1) (*набело*) бацIцIадго; **переписа́ть ~** бацIцIадго цIидасан хъвазе 2) (*начистоту*) щибго бахчичIого, ракI бацIцIадго (*бицине*) 3) *разг. (совсем)* тIубанго; **огра́бить ~** тIубанго талагьизе; **отказа́лся ~** тIубанго инкар гьабуна

НАЧИСТОТУ́ *нареч. (откровенно, искренне)* рагьун, ракI бацIцIадго, щибго бахчичIого; **поговори́ть ~** намус бацIцIадго, рагьун калам гьабизе, гара-чIваризе

НАЧИ́ТАННОСТЬ *ж* тIахьал цIалиялдалъун батIи-батIиял лъаял яги цо гъваридаб лъай букIин, цIалун жо лъай

НАЧИ́ТАННЫЙ, -ая, -ое гIемер цIаларав ва кьучIаб лъай щварав; **~ челове́к** гIемер тIахьал цIаларав, (*гьелъул хIасилалда*) гIатIидаб лъай щварав чи

НАЧИТА́ТЬСЯ *сов. чего* гIемер цIализе; **~ стихо́в** гIемерал кучIдул цIализе

НАЧИ́ТЫВАТЬ *несов. см.* **начи́тать**

НАЧИЩА́ТЬ *несов. см.* **начи́стить**

НАЧУДИ́ТЬ *сов. разг. кинаб букIаниги* тамашияб, бихьичIеб, ргIичIеб, цIар лъезе лъаларе иш гьабизе

НАШ ~а *ж,* **~е** *с,* **~и** *мн.* (**1.** *мест. притяж. м* нижер, нилъер; **~а ро́дина** нилъер ватIан; **э́то ~е де́ло** гьеб нижер иш буго; **не ~е де́ло** нилъер иш гуро; **~и о́вцы** нилъер чахъаби **2.** *в знач. сущ.* **~е** *с (нам принадлежащее)* нилъераб, нижераб; **~его не отдади́м никому́** нилъераб лъиего кьеларо **3.** *в знач.* **~и** *мн. (родные, близкие)* нилъерал, гIагарал, божарал; **~и прие́хали** нилъерал рачIун руго ◊ **~а взяла́!** *разг.* нилъ бергьана

НА́ША *ж см.* **наш**

НАШАТЫ́РНЫЙ, -ая, -ое: **~ спирт** нашатыралъул спирт

НАШАТЫ́РЬ *м* нашатырь

НА́ШЕ *с см.* **наш**

НАШЁЛ, нашла́ *и т. д. прош. от* **найти́** [1,2]

НАШЁЛСЯ, нашла́сь *и т.д. прош. от* **найти́сь**

НАШЕПТА́ТЬ *сов. что, чего* щурун бицине; нахъасан гаргадизе, мацI гьабизе

НАШЕ́СТВИЕ *с* тушман улкаялда жаниве, *лъилниги* ракьалде лъугьин; ракIалда гьечIого, гIемерал *щалниги* рачIине

НА́ШИ *мн. см.* **наш** ◊ **и ~м и ва́шим** нижеразеги нужеразеги

НАШИВА́ТЬ *несов. см.* **наши́ть**

НАШИ́ВКА *ж* **1.** (*по гл.* **наши́ть**) тIад, тIасан букъи, рай (*маргъалал*) **2.** (*нашитая полоса*) тIад букъараб чIоло; **~и на пого́нах** погоназда рукъарал чIалал

НАШИВНО́Й, -ая, -ое тIад букъараб; **~ карма́н** тIасан букъараб чванта, тIасан чванта (киса)

НАШИ́ТЬ *сов.* 1) *что (пришить)* тIад букъизе 2) *что, чего (сшить много)* гIемер букъизе; **~ пла́тьев** гемерал гурдал рукъизе

НАШУМЕ́//**ТЬ** *сов.* 1) (*произвести шум*) хъудизе, хъуй бахъинабизе, багъаризабизе; **~ть в кварти́ре** квартираялда хъуй бахъинабизе 2) *перен. (вызвать толки)* гIемер хабар ккезабизе, кIалзухъ бахъизе, киназулго кIвар буссинабизе; **~вшее де́ло** хъуй, ахIи-хIур бахъинабураб, кибего ргIараб иш

НАЩУ́ПАТЬ *сов. что* 1) (*обнаружить*) квер хъван, квашун батизе; **~ о́пухоль** квер хъван, гьорой лъазе 2) *перен.* лъазе, бичIчIизе; **~ по́чву для перегово́ров** гара-чIвариялъе рес батизе, балагьизе; **~ сла́бые места́ в рабо́те** хIалтIулъ загIипал бакIал лъазе

НАЩУ́ПЫВАТЬ *несов. см.* **нащу́пать**

НАЯ́БЕДНИЧАТЬ *сов. на кого разг. лъиданиги тIасан* гIарзагьине, мацIал гьаризе

НАЯВУ́ *нареч.* макьилъ гуреб, хIакъикъаталда, лъадго, лъавуда

НЕ[1] *частица* -ге, гуро, гьечIо, -ро, -чIо; **я не пое́ду домой** дун рокъове инаро; **не надева́й э́ той шу́бы** гьеб тIимугъ ретIунге; **я не мог не засмея́ться** дида велъанхъичIого чIезе кIвечIо ◊ **ему́ не до** *кого-чего кому разг.* гьев досде (долде) (*регIун вукIинчIо*)

НЕ[2] *часть местоимений "некого" и "нечего", отделяемая при сочетании с предлогом*: **мне не́ с кем говори́ть** дун кIалъазе чи гьечIо; **мне не́ о чем говори́ть** дир бицине жо гьечIо

НЕАККУРА́ТНОСТЬ *ж* 1) (*неисполнительность*) гIадлунизам гьечIолъи, тIадаб иш гьабунгутIи 2) (*небрежность*) мухIканлъи гьечIолъи, иш кколеб куцалъ гьабунгутIи 3) (*неряшливость*) чороклъи; хадув вехъерхъи; ракIа-рахари гьечIолъи

НЕАККУРА́ТНЫЙ//**ЫЙ,** -ая, -ое 1) (*неисполнительный*) гIадлунизам гьечIев, тIадаб иш гьабуларев 2) (*небрежный*) мухIканлъи гьечIого, къадарго хIалтIи гьабулев 3) (*неряшливый*) жиндирго ретIел-куналдехун, тIагIалидехун кIвар кьоларев; хадув вехъерхъарав; ракIа-рахари гьечIев

НЕАППЕТИ́ТНЫЙ, -ая, -ое къасд ккезабулареб, кваназе гъира базабулареб

НЕБЕЗОПА́СНЫЙ, -ая, -ое хIинкъи бугеб, жиндаса цIунизе ккараб

НЕБЕЗУПРЕ́ЧНЫЙ//**ЫЙ,** -ая, -ое багьана чIвазе бегьулеб, цоцо гIунгутIаби ругеб; **~ое поведе́ние** багьана чIвазе бегьулареб гIамал гуро; цо-цо гIунгутIаби ругеб хьвада–чIвади

НЕБЕЗЫЗВЕ́СТНЫЙ//**ЫЙ,** -ая, -ое гIураб къадаралда жиб гIадамазда лъалеб; **~ая кни́га** гьеб лъаларе тIехь гуро

НЕБЕЗЫНТЕРЕ́СНЫЙ//**ЫЙ,** -ая, -ое гIезегIан, гIураб даражалда интерес бугеб; **~ая пье́са** *гьеб* гIезегIан кепаб пьеса *буго (гьеб интерес гьечIеб пьеса гуро)*

НЕБЕЛЁНЫЙ//**ЫЙ,** -ая, -ое хъахI гьабичIеб; **~ое полотно́** хъахI гьабичIеб хIебет

НЕБЕСА́ *мн.* зобал; **превозноси́ть до небе́с** зобалазде бахинабизе (кутакалда беццизе)

НЕБЕСКОРЫ́СТНЫЙ//**ЫЙ,** -ая, -ое жиндирго мурадалъе, пайдаялъе гьабулеб; **~ая по́мощь** жиндиего пайда гьечIеб кумек гуро гьеб

НЕБЕ́СНО-ГОЛУБО́Й, -ая, -ое зодил кьераб

НЕБЕ́СНЫЙ//**ЫЙ,** -ая, -ое зодилаб; **~ая синева́** зодилаб хъахIиллъи; **~ый цвет** зодилаб кьер

НЕБЕСПОЛЕ́ЗНЫЙ//**ЫЙ,** -ая, -ое пайда кьолеб, гIезегIан пайдаяб; **~ая кни́га** гIезегIан пайдаяб тIехь

НЕБЛАГОВИ́ДНОСТЬ *ж* коцокълъи, сурукълъи, тIаде ракI цIангутIи

НЕБЛАГОВИ́ДНЫЙ, -ая, -ое коцокъаб, сурукъаб, тIаде цIалареб, ракI базабулареб; **~ посту́пок** бахиллъиларе иш

НЕБЛАГОДА́РНОСТЬ *ж* баркала гьечIолъи; **прояви́ть ~** баркала гьечIолъи бихьизабизе

НЕБЛАГОДА́РНЫЙ, -ая, -ое 1) баркала гьечIев; лъикIлъи бичIчIуларев, гьелъие гIоло баркала кьоларев 2) *перен.* бахъараб харж ритIухъ гьабулареб; тIалабазда данде кколареб; **~ труд** баркала гьечIеб захIмат

НЕБЛАГОЖЕЛА́ТЕЛЬН//**ЫЙ,** -ая, -ое цогидасе лъикIлъи бокьуларев; рокьукълъи бихьизабулев(*чи*); **~ая кри́тика** *лъидехунниги* рокьукълъи бихьизабулеб критика

НЕБЛАГОЗВУ́ЧН//**ЫЙ,** -ая, -ое рокьукъаб гьаракьалъул; **~ые стихи́** гIенеккизе бокьулеб гьаракь, бакъан гьечIел кучIдул

НЕБЛАГОНАДЁЖНЫЙ, -ая, -ое божизе кIолареб (захIматаб); мугъчIвай гьабизе бегьулареб

НЕБЛАГОПОЛУ́ЧНЫЙ, -ая, -ое 1) битI ккечIеб, санагIалъи гьечIеб, лазат бахъараб; **~ исхо́д де́ла** ишалъул битI ккечIеб хIасил 2) битI кколарев, битI гьечIев

НЕБЛАГОПРИЯ́ТН//ЫЙ, -ая, -ое хашаб, сундуего санагIалъи гьечIеб; **~ые усло́вия** санагIалъи гьечIел, данде кколарел шартIал; **~ая пого́да** квешаб, санагIалъи гьечIеб гьава-бакъ

НЕБЛАГОРАЗУ́МНЫЙ, -ая, -ое ургъичIого гьабураб, гIакъ-луялда данде кколареб, цIодорлъи гьечIеб; **~ посту́пок** ургъичIого гьабураб иш

НЕБЛАГОСКЛО́НН//ЫЙ, -ая, -ое квешаб, рокьукъаб; **~ое отноше́ние** *к кому-л. лъилгунниги* квешаб гьоркьоблъи; рази гьечIолъи бихьизабулеб

НЕБЛАГОУСТРО́ЕННЫЙ, -ая, -ое хIажатал шартIал гьечIеб; гIумруялъе, хIалтIуе *ва гь.ц.* рукIине кколел шартIал гьечIеб; **~ая кварти́ра** гIумруялъе къваригIунел шартIал гьечIеб квартира

НЕБЛИ́ЗКИЙ, -ая, -ое гIагардегIан гуреб, рикIкIадаб; **проде́лать ~ путь** рикIкIадаб сапар гьабизе

НЁБН//ЫЙ, -ая, -ое 1) *анат.* хвенхилаб; **~ая занаве́ска** хвенхил тамахаб бутIа 2) *лингв.* жал рахъулаго, мацI хвенхида хъвалел гьаркьал; **~ые согла́сные** хвенхилал рагъукъал гьаркьал

НЁБ//О *с* зоб; **на ~е ни о́блачка** зодиб (кигIан гьитIинабги) накIкI гьечIо; **по ~у хо́дят ту́чи** зодир накIкIал хьвадулел руго ◊ **быть на седьмо́м ~е** кIудияб рохалида рукIине; **как с ~а свали́ -ться** ракIалда гьечIого, вачIине (лъугьине, ккезе); **они́ отлича́ются как ~о и земля́** дол зобги ракьигIан цоцаздаса батIиял руго; **под откры́тым ~ом** рагьараб зодикь; къватIиб; **попа́сть па́льцем в ~о** кколареб бакIалда щибниги абизе, гьабизе

НЁБО *с анат.* хенех; **мя́гкое ~** тамахаб хенех

НЕБОГА́ТЫЙ, -ая, -ое 1) (*бедный*) мискинав, язихъав, бечелъи гьечIев 2) *перен. (ограниченный):* тIаса бищизе кIудияб рес гьечIеб; **~ запа́с зна́ний** мискинабго лъай (лъаялъул мискинлъи)

НЕБОЕСПОСО́БНОСТЬ *ж* рагъ гьабизе, вагъизе бажари гьечIолъи

НЕБОЕСПОСО́БНЫЙ, -ая, -ое рагъ гьабизе, багъизе бажарулареб; **~ кора́бль** рагъ гьабун бажарулареб гама

НЕБОЛЬШ//О́Й, -ая, -ое 1) (*малый*) кIудияб гуреб, гьитIинаб; **~а́я ко́мната** гьитIинаб (кIудияб гуреб) рукъ; **~о́й тира́ж** гьитIинаб тираж 2) (*незначительный*) дагъаб; **с ~и́м опозда́нием** дагъабго кватIун; **метр с ~и́м** метралдаса дагъалъ цIикIкIун; **сто рубле́й с ~и́м** нусгоялдаса дагъалъ цIикIкIун гъурущ (нусго гъурущги хадубги)

НЕБОСВО́Д *м* зодил кIамури, зоб

НЕБОСКЛО́Н *м* горизонталдаса тIадехунисеб зоб

НЕБОСКРЁБ *м* цIакъ борхатаб, гIемер тIалаязулаб мина

НЕБРЕ́ЖНОСТЬ *ж* 1) (*халатность*) бицча-бихъантей, тIаса-масаголъи; **~ в рабо́те** хIалтIулъ бицча-бихъантей 2) (*неряшливость*) ракIа-рахари гьечIолъи 3) (*пренебрежительность*) кIвар гьечIолъи; **~ то́на** кIалъалеб гьаркьил адаб гьечIолъи, хъатир гьечIолъи

НЕБРЕ́ЖН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*халатный*) бицча-бихъараб, кIвар кьечIеб; **~ая рабо́та** усалаб, кIвар гьечIого, гьабураб хIалтIи 2) (*неряшливый*) къадараб; **~ые за́писи** къадарал, тIаса-масаго гьарурал хъвай-хъвагIаял 3) (*пренебрежительный*) кIвар гьечIеб; **~ый отве́т** адаб гьечIого, сан гьавичIого, кьураб жаваб

НЕБРИ́ТЫЙ, -ая, -ое кIкIвачIеб (*михъ, мегеж*); **~ подборо́док** кIкIвачIеб (бахараб) нилъу

НЕБЫВА́ЛЫЙ, -ая, -ое цебе букIинчIеб, бихьичIеб гIадаб; гIадатаб гуреб; **~ слу́чай** кидаго букIинчIеб, ккечIеб иш; **~ урожа́й** цебе букIинчIеб гIадаб бачIи́н

НЕБЫЛИ́Ц//А *ж* хIакъикъаталда данде кколареб, ургъун бахъараб лъугьа-бахъин, ургъун бахъараб гьереси; **расска́зывать ~ы** лъугьунарел, рукIунарел жал рицине

НЕБЫТИЁ *с* гIумру, чIаголъи гьечIолъи, паналъи

НЕБЬЮЩ//ИЙСЯ, -аяся, -еяся гъурулареб, бекулареб; **~еяся стекло́** бекулареб цIер

НЕВА́ЖНО 1. *нареч.* кIвар гьечIого, къадарго, хашго; **~ себя́ чу́вствовать** сахлъи лъикI гьечIого, вукIине; чорхол санагIалъи гьечIого, вукIине; **рабо́та сде́лана ~** хIалтIи къадарго гьабун буго **2.** *в знач. сказ.* кIвар гьечIо; **э́то ~!** гьелъул кIвар гьечIо!

НЕВА́ЖН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*несущественный*) кIудияб кIвар гьечIеб, хасаб кIвар кьезе кколареб; **~ый вопро́с** хасаб кIвар кьезе кколареб суал 2) (*посредственный*) гьоркьохъеб; **~ое здоро́вье** гьоркьохъеб сахлъи

НЕВДАЛЕКЁ *нареч.* гIагарда, рикIкIада гуреб бакIалда, аскIобго; **живёт ~** рукъалъ гIагардегIан вуго, аскIобго, рикIкIад гьечIого, гIумру гьабулев вуго

НЕВДОМЁК *нареч. в знач. сказ. кому разг.* ракIалде ккунгутIизе, бичIчIунгутIизе; **ему́ и ~** гьесда ракIалдецин кколаро, ботIролъецин бачIунаро

НЕВЕ́ДЕНИЕ//Е *с* лъангутIи, ргIунгутIи

НЕВЕ́ДОМ//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*неизвестный*) лъалареб, бихьичIеб; **~ые края́** рихьичIел ракьал 2) *перен. (таинственный*) хIикматаб, балъгояб, бичIчIулареб; **~ая си́ла** бичIчIулареб, тамашаяб къуват

НЕВЕ́ЖА *м, ж* хъачIав, тарбия щвечIев чи

НЕВЕ́ЖДА *м, ж* лъай гьечIев, дагьаб жо лъалев чи, жагьил; **кру́глый ~** щибго лъай гьечIев хIехь, хIанкIвара; **~ в хи́мии** химия лъаларев, бичIчIуларев чи

НЕВЕ́ЖЕСТВЕННЫЙ, -ая, -ое жагьилав, лъавукъав; **~ челове́к** жагьилав чи

НЕВЕ́ЖЕСТВО *с* 1) (*незнание*) жагьиллъи, лъавукълъи; **обнару́жить своё ~** *в чем-л. сундулъниги* жиндирго лъавукълъи бихьизабизе 2) *разг. (невоспитанность*) тарбия щвечIолъи

НЕВЕ́ЖЛИВОСТЬ *ж* хъачIлъи, адаб гьечIолъи

НЕВЕ́ЖЛИВЫЙ, -ая, -ое гIадлу-низам гьечIев, хъачIав; **~ челове́к** согIав, хъачIав чи; **~ отве́т** хIурмат гьечIеб жаваб, хъачIаб жаваб

НЕВЕЗЕ́НИЕ *с разг.* битIккунгутIи; санагIалъи гьечIеб ахIвал-хIалалде ккей

НЕВЕЛИ́К//ИЙ, -ая, -ое: **он ро́стом невели́к** дов логокъав (лага къокъав) вуго; **~а́ беда́** кIудияб балагь гуро; гьитIинаб къварилъи

НЕВЕ́РИЕ *с сунданиги* божунгутIи

НЕВЕ́РНО 1. *нареч.* мекъи, мекъса; тIекъаб, битIараб гуреб куцалъ; **реши́ть зада́чу ~** масъала мекъса гьабизе **2.** *в знач. сказ. безл.* мекъаб буго; **его́ утвержде́ние ~** гьосул пикру мекъаб буго; **э́то ~** гьеб мекъса буго

НЕВЕ́РНОСТЬ *ж* 1) (*неправильность*) тIекълъи, хиянатлъи 2) (*вероломство*) божизе бегьунгутIи, божударекIкI гьаби

НЕВЕ́РН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*неправильный*) мекъаб, гъалатIаб, батIулаб; **~ый подсчёт** гъалатIаб хIисаб 2) (*неуверенный*) щакаб; тартадулеб; **~ая похо́дка** тартадулеб рилълъин 3) (*вероломный*) рекIкIаб, хиянатаб; **~ая жена́** хиянатай лъади

НЕВЕРОЯ́ТНО 1. *нареч.* хIикматго, божизе захIматго; **~ ре́дкий слу́чай** хIикматго къанагIатаб лъугьа-бахъин **2.** *в знач. сказ.* божизе захIмат буго

НЕВЕРОЯ́ТН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*неправдоподобный*) божизе захIматаб, букIине бегьулареб гIадаб; **~ый слух** божизе захIматаб хабар; **~ое де́ло** ккезе бегьулареб гIадаб иш 2) *разг. (значительный)* цIакъ кIудияб, тамашаяб лъугьиналъул, къуваталъул; **~ый хо́лод** кутакаб квач; **~ых разме́ров** цIакъ кIудияб роцадул

НЕВЕ́РУЮЩ//ИЙ, -ая, -ее **1.** аллагьасда божуларев, дин тIекъаблъун рикIкIунев **2.** *в знач. сущ.* **~ий,** *м* **~ая** *ж* аллагьасда божуларев чи, дин къабул гьабуларей гIадан

НЕВЕСЁЛ//ЫЙ, -ая, -ое пашманав, къваридав, аваданлъи гьечIев; **~ое лицо́** пашманаб гьумер; **~ые мы́сли** пашманал пикраби; **он сего́дня неве́сел** дов жакъа къваридго вуго(кепалда гьечIо)

НЕВЕСО́МОСТ//Ь *ж* тIадагьлъи, бакIлъи гьечIолъи; *перен.* кIвар гьечIолъи; **состоя́ние ~** бакIлъи гьечIеб хIал (*космосалда букIунеб хIал*)

НЕВЕСО́МЫЙ, -ая, -ое тIадагьаб, цIайи гьечIеб

НЕВЕ́СТА *ж* абурав чи вугей яс яги чIужугIадан; абурай, бахIарай

НЕВЕ́СТКА *ж* нус, васасул лъади (*жена сына*); вацасул лъади (*жена брата*)

НЕВЕ́СТЬ *нареч. разг.*: **~ кто** щивали лъаларо; **~ что** щибали бичIчIуларо; **де́нег у него́ ~ ско́лько** цIакъ гIемер, хIисаб лъалареб, хIисаб тун гIемераб гIарац буго досул

НЕВЗВИ́ДЕТЬ *сов.*: ◊ **~ све́та** *разг.* (*кIудияб асаралъул хIакъалъулъ – унтул, хIинкъиялъул, ццидал ва гь. ц.*) канлъи бихьулареб хIал лъугьине *(хIинкъиялъ, ццидаца ва гь.ц.)*

НЕВЗГО́ДЫ *мн.* (*ед.* **невзго́да** *ж*) къварилъаби, захIмалъаби, тIалихI къосин; **жите́йские** ~ гIумруялъул, рукIа-рахъиналъул захIмалъаби

НЕВЗИРА́Я: ~ на *предлог с вин. п.* сундухъго балагьичIого; ~ **на ли́ ца** цIаразухъ, хIакимлъиялъухъ балагьичIого; **он ушёл ~ на плоху́ю пого́ду** квешаб гьава-бакъалъухъ балагьичIого, ана гъов

НЕВЗЛЮБИ́ТЬ *сов. кого-что лъидехунниги* кIудияб рокьукълъи бижизе, лъугьине

НЕВЗНАЧА́Й *нареч. разг.* лъачIого, тохлъукье; ракIалдаго гьечIого; **они́ встре́тились** ~ гьол тохлъукье дандчIвана

НЕВЗРА́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое бихьизе сурукъаб, бегIукъаб, жиндехун ракI цIаларе; **~ая ко́мната** бегI гьечIеб рукъ; **~ая фигу́ра** сурукъаб лага; **~ый вид** бегIукъаб сипат

НЕВЗЫСКА́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое дагьалда гIей гьабулев, кIудияб тIалаб гьечIев; ~ **челове́к** кIудияб тIалаб гьечIев чи; ~ **зри́тель** кIудияб тIалаб гьечIев балагьулев; ~ **чита́тель** кIудияб тIалаб гьечIев цIалдохъан (*тIахьазул*)

НЕ́ВИДАЛЬ *ж разг.*: кидаго бихьичIеб, букIинчеб жо; гIажаибаб иш

НЕВИ́ ДАННЫЙ, -ая, -ое цебе бихьичIеб, букIинчIеб гIадаб; ~ **урожа́й** кидаго бихьичIеб гIадаб бачIин

НЕВИДИМКА 1) *м, ж* вихьуларевлъун лъугьине кIолев, вихьуларев чи (*маргьабалъ*) 2) *ж (шпилька)* бихьуларе катIариялда чIвалеб жо ◊ **ша́пка – ~** *фольк.* жиб лъурав чи вихьуларе тIагъур (*маргьабалъ*)

НЕВИ́ДИМЫЙ, -ая, -ое гьаб лахIзаталда, гьал шартIазда бихьуларе; ~ **шов** бихьуларе кьегI

НЕВИ́ДНЫЙ, -ая, -ое 1) *см.* **неви́димый** 2) *разг. (невзрачный)* кьерукъаб, сурукъаб 3) (*незначительный*) кIвар гьечIеб, хIажалъи дагьаб

НЕВИ́ ДЯЩИЙ, -ая, -ее 1) (*слепой*) бихьуларев, беццав (чи) 2) (*рассеянный*) гьалгъарав; ~ **взор** гьалгъараб балагьи

НЕВИ́ННОСТЬ *ж* 1) (*невиновность*) гIайиб гьечIолъи 2) (*наивность*) гIадатлъи, рекIкI гьечIолъи, хехго божи 3) (*безвредность*) зарар гьечIолъи 4) (*девственность*) яслъи, бикри букIин

НЕВИ́ННЫЙ, -ая, -ое 1) (*невиновный*) гIайиб, мунагь гьечIев 2) (*наивный*) хехго божулев, гIадатияв, ракI бацIцIадав 3) (*безвредный*) зарар гьечIеб 4) (*девственый*) яслъиялъулаб

НЕВИНО́ВНОСТЬ *ж* гIайиб гьечIолъи; **доказа́ть свою́ ~** жиндир гIайиб гьечIолъи бихьизабизе, чIезабизе

НЕВИНО́ВН//ЫЙ, -ая, -ое гIайиб гьечIев; **призна́ть** *кого-л.* **~ым** *лъилниги* гIайиб гьечIолъиялда разилъизе

НЕВКУ́ СН//ЫЙ, -ая, -ое тIагIам, тату гьечIеб; **~ая еда́** тIагIам гьечIеб квен

НЕВМЕНЯ́ ЕМОСТ//Ь *ж* жинцаго гьабулелъул жаваб кьун бажаруларедухъ вукIин; **быть в состоя́нии ~и** лъавуда гьечIого (гьечIеб хIалалда) вукIине

НЕВМЕНЯ́ЕМЫЙ, -ая, -ое жинца гьабулелъул жаваб кьезе кIоларе психикияб хIалалда вугев; *гьединаб* хIалалда вугеб мехалъ гьабураб, ккараб

НЕВМЕША́ТЕЛЬСТВ//О *с сунданиги* гьоркьове лъугьунгутIи; **поли́тика ~а** гьоркьоре лъугьунгутIиялъул политика; нахъе кIанцIун чIей

НЕВМОГОТУ́ *нареч. в знач. сказ. кому разг.*: **ста́ло** ~ хIехьезе кIоларедухъ лъугьана; **ждать бо́льше** ~ тIокIаб лъалхъизе, балагьун чIезе кIолеб хIал гьечIо

НЕВНИМА́НИ//Е *с* 1) (*рассеянность*) кIвар гьечIолъи яги гьеб гIунгутIи; агъаз гьечIолъи; **сде́лать оши́бку по ~ю** кIвар гьечIолъиялъ гъалатI гьабизе (биччазе) 2) (*пренебрежение*) хIурмат гьечIолъи, сан гьабунгутIи; **~е к ста́ршим** чIахIияздехун хIурмат гьечIолъи, чIахIиязул сан гьабунгутIи

НЕВНИМА́ТЕЛЬНОСТЬ *ж см.* **невнима́ние**

НЕВНИМА́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*рассеянный*) гIенеккизе лъаларев, пикраби риххарав; **~ый учени́к** гIенеккизе лъаларев цIалдохъан 2) (*невежливый*) адаб-хIурмат гьабуларев; **~ое отноше́ние** адаб гьечIеб гьоркьоблъи, бербалагьи

НЕВНЯ́ТНО *нареч.* мухIканлъи гьечIого, бичIчIуларедухъ; **говори́ть** ~ бичIчIударедухъ кIалъазе

НЕВНЯ́ТН//ЫЙ, -ая, -ое мухIканлъи гьечIеб, ргIуларе, бичIчIулареб; **~ая речь** ргIулареб, бичIчIулареб калам, кIалъай

НЕ́ВОД *м* гьин (*ччугIа ккколеб*)

НЕВОЗВРАТИ́ МЫЙ, -ая, -ое, **невозвра́тный,** -ая, -ое нахъ буссунареб, такрарлъулареб, тIад буссунареб; **невозврати́ мая пора́ де́тства** такрарлъулареб лъимадулаб заман

НЕВОЗДЕ́ЛАНН//ЫЙ, -ая, -ое хIалтIизабичIеб, къачIачIеб, хъулухъ гьабичIеб (*ракь, хур*); **~ые зе́мли** хIалтIизаричIел ракьал

НЕВОЗДЕ́РЖАННОСТЬ *ж* гIурхъи гьечIолъи, сабру гьечIолъи

НЕВОЗДЕ́РЖАННЫЙ, -ая, -ое гIурхъи гьечIев, хIажатаб гуребги гьабулев, сабру гьечIев

НЕВОЗМО́ЖНО 1. *нареч.* рес гьечIого, бегьуларе гIадин (*щибниги гьабизе, ургъизе*) **2.** *в знач. сказ. безл. (недопустимо)* бегьуларо, рес гьечIо

НЕВОЗМО́ЖНОСТ//Ь *ж щибниги* бегьунгутIи, рес гьечIолъи, шартIал гьечIолъи; **в слу́чае ~и** нагагь гьеб гьедин бегьичIони ◊ **до ~и** гIорхъолъа, хIаталдаса ун; кутакалда

НЕВОЗМО́ЖН//ЫЙ, -ая, -ое **1.** (*неосуществимый*) бажаруларе, лъугьунареб **2.** *в знач. сущ.* **~ое** *с* бегьуларе; **~ое ста́ло возмо́жным** бегьуларе бегьулеблъун лъугьана **3.** *перен.* **~ый хара́ктер** букIине бегьуларе гIамал; **~ая духота́** хIехьезе кIоларе багIари, лапи

НЕВОЗМУТИ́ МОСТЬ *ж* гIодове виччай, сабурлъи, виххунгутIи

НЕВОЗМУТИ́М//ЫЙ, -ая, -ое 1) сабурав, гIодове виччарав; **~ый челове́к** сабурав инсан 2) (*абсолютный*) *сунцаго* биххизабуларе; **~ое споко́йствие** *сунцаго* биххизабуларе сабру; гIодове виччай; **~ая тишина́** *сунцаго* хвезабуларе гIодобе биччай

НЕВОЗНАГРАДИ́М//ЫЙ, -ая, -ое кIимат кьун бажаруларе; цIакъ кIудияб, *сунцаго* хисуларе, бецIуларе; **~ая утра́та** цIакъ кIудияб ками

НЕВО́Л//ИТЬ *несов. кого-что разг.* хIалица *щибниги* гьабизабизе, бокьичIониги гьабизабизе; **не ~ь ребёнка** хIал гьабуге лъимада (хIалица гьабизабуге)

НЕВО́ЛЬНИК *м* 1) (*раб*) лагъ; (*пленник*) асир 2) *перен.* тIубанго живго, жиндирго хIалтIи-пиша *сундуениги* мутIигI гьабулев чи, *сундулниги* кверщаликь вугев чи

НЕВО́ЛЬНИЦА *ж* лагъ, лагъай гIадан… (*женск.* **к невольник)**

НЕВО́ЛЬНО *нареч.* 1) (*непроизвольно*) лъачIого, ракIалдаго гьечIого; ~ **оши́бся** лъачIого гъалатI ккана 2) (*вынужденно*) рес къотIиялъ, хIалица гьабизабун

НЕВО́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*непроизвольный*) лъачIого гьабичIеб, хIисабалде босичIеб; **~ая ложь** ургъичIого бицараб гьереси 2) (*вынужденный*) рескъотIиялъ гьабураб, жиндиего бокьун гьабичIеб; **~ая поса́дка самолёта** самолет рескъотIиялъ рещтIинаби (самолёталъул рескъотIиялъ гьабураб рещтIен)

НЕВО́Л//Я *ж* 1) лагъльи (*рабство*); асирлъи,эркенлъи гьечIолъи; **бежа́ть из ~и** асирлъиялдаса лъутизе 2) *разг. (принуждение)* хIалица гьабизаби

НЕВООБРАЗИ́ МЫЙ, -ая, -ое (*чрезвычайный*) ракIалде ккезе, цебе чIезабизе захIматаб; хIаталдаса араб, кутакаб; ~ **беспоря́док** кутакаб гIадлу гьечIолъи; ~ **шум** хIаталдаса араб хъуй

НЕВООРУЖЁНН//ЫЙ, -ая, -ое жиндихъ ярагъ гьечIев; **~ый челове́к** ярагъ гьечIев чи ◊ **~ым гла́зом** гIадатаб бердалдалъун (*цIороберал, дурнаби, микроскоп ва цогидаб алат гьечIого*); цIакъ хехго, къо бихьичIого

НЕВОСПИ́ ТАННОСТЬ *ж* тарбия гьечIолъи; хьвадизе лъангутIи

НЕВОСПИ́ТАННЫЙ, -ая, -ое тарбия щвечIев; хьвадизе лъаларев; ~ **челове́к** тарбия щвечIев чи

НЕВОСПРИИ́МЧИВОСТЬ *ж* 1) тохлъи, бакIлъи, пагьму гьечIолъи 2) *мед.* чорхолъ унти босуларе хIал лъугьин; иммунитет бижи; унти бахунгутIи

НЕВОСТРЕ́БОВАНН//ЫЙ, -ая, -ое бетIергьанчияс тIалаб гьабичIеб, бетIергьанчиясухъе кьечIого хутIараб (*багаж, посылка ва гь.ц.*); **~ый груз** тIалаб гьабичIеб къайи; **~ая телегра́мма** жиндихъе битIарас жеги босичIеб телеграмма

НЕВПОПА́Д *нареч. разг.* данде ккечIого, цебе ккараб кучалъ; бакI гуреб бакIалда; **отвеча́ть** ~ дове-гьаниве кIанцIун, жаваб кьезе

НЕВПРОВОРО́Т *нареч. разг.* цIакъ гIемер, гьарзаго, гIунги тIокI; **дел ~** цIакъ гIемер ишал

НЕВРАЗУМИ́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое бичIчIулареб, мухIканлъи гьечIеб, жуба-гъубараб; **~ отве́т** бичIчIулареб жаваб

НЕВРАЛГИ́Я *ж* невралгия (*нервалъул унти*); **межрёберная ~** хьабалухъа гIучIазда гьоркьоб бугеб нерв унти

НЕВРАСТЕ́НИК *м* неврастениялъ унтарав чи

НЕВРАСТЕНИ́ЧКА *ж* неврастениялъ унтарай гIадан

НЕВРАСТЕНИ́Я *ж мед.* неврастения (*нервал чIимигIлъи*); свакаялъ, ботIрол унтиялъ нервал рагъаризари

НЕВРЕДИ́МЫЙ, -ая, -ое зиян ккечIев, захIматаб хIалалдаса сах-саламатго ворчIарав ◊ **цел и невреди́м** (*лъикIаб сахлъиялда, ахIвал-хIалалда хутIарав чиясул хIакъалъулъ*) зарал-зиян гьечIого, века-виххичIого, чIаго-гIатIго хутIана

НЕВРО́З *м мед.* невроз; **~ се́рдца** рекIел невроз (*рекIел нервазул унти*); нервабазулгун психикаялъул унти

НЕВРО́ЛОГ *м* невролог (*неврологиялъул тохтур*), нервабазулгун психикаялъул унтабазул тохтур

НЕВРОЛО́ГИЯ *ж* неврология (*хIайваназул ва инсанасул нервал, гьезул гIуцIиялъул, хIалтIул хаслъаби лъазарулел гIелмабазул гIаммаб цIар*)

НЕВРОПАТО́ЛОГ *м* невропатолог (*невропатологиялъул тохтур–специалист*)

НЕВРОПАТОЛО́ГИЯ *ж* невропатология (*нервазул унтабазул хIакъалъулъ бугеб гIелму*)

НЕВТЕРПЁЖ *нареч. в знач. сказ. кому разг.*: хIехьезе захIматго букIине, хIехьезе кIвеялдаса ине; **ему́ ста́ло ~** гьесие тIокIалъ хIехьезе кIоларедухъ захIмалъун букIана

НЕВЫ́ГОДНО 1. *нареч. (с убытком)* хайир гьечIого, заралгун; **~ прода́ть** *что-л. щибниги* заралгун бичизе **2.** *в знач. сказ.* хайир кьоларо, пайда гьечIо; **э́то ~** гьелъул пайда гьечIо

НЕВЫ́ГОДН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*не приносящий прибыли*) пайда гьечIеб, хайир кьолареб 2) (*неблагоприятный*) квешаб, сана-гIалъи гьечIеб; **показа́ть себя́ с ~ой стороны́** живго квешаб ра-хъалдасан вихьизавизе; **~ое местоположе́ние** санагIалъи гьечIеб ругеб бакI

НЕВЫ́ДЕЛАНН//ЫЙ, -ая, -ое къачIачIеб, лъугьинчIеб; **~ая ко́жа** лъугьинчIеб тIехь (къехь, хьвацIа)

НЕВЫ́ДЕРЖАННОСТЬ *ж* 1) цолъи, цо ккураб тартиб гьечIолъи; **~ хара́ктера** сабруяб гIамал гьечIолъи 2) (*вина, сыра и т.п.*) гIезегIан хIан цIамулъ лъугутIи; швезегIан, лъугьинегIан, беччизегIан чагъир тунгутIи; барщи гIечIолъи

НЕВЫ́ДЕРЖАНН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*о человеке*) хехго щцин бахъунев, сабру гьечIев (*чи*) 2) (*о вине, сыре и т.п.*) лъугьинчIеб, щвечIеб (*чагъир*), гIезегIан цIамулъ лъечIеб (*хIан*) 3) (*о стиле и т.п.*) гIуцIиялъул рахъалъ гIунгутIаби ругеб (*асар*)

НЕВЫНОСИ́М//ЫЙ, -ая, -ое хIехьезе захIматаб, баччизе кIолареб; **~ая жара́** хIехьезе кIолареб багIари; **~ая боль** хIехьезе кIолареб унти

НЕВЫ́ПЛАКАНН//ЫЙ, -ая, -ое магIу тIечIеб; **~ое го́ре** магIуялъ, гIодиялъ бигьа гьабичIеб къварилъи (гIодун лъугIичIеб къварилъи)

НЕВЫПОЛНЕ́НИЕ *с* тIубазабунгутIи, ахиралде щвезабунгутIи; **~ догово́ра** къотIи тIубазабунгутIи; **~ пла́на** план гIумруялде бахъинабунгутIи, тIубангутIи

НЕВЫПОЛНИ́МЫЙ, -ая, -ое тIубазабизе захIматаб, кIолареб

НЕВЫРАЗИ́М//ЫЙ, -ая, -ое ргIудалъун бицун, бихьизабун хIал кIолареб; **~ая красота́** бицун бажаруларе берцинлъи

НЕВЫРАЗИ́ТЕЛЬНОСТЬ *ж щибниги* мухIканго, гвангъун бихьизабизе, бицине лъангутIи, бажарунгутIи

НЕВЫРАЗИ́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое жинде ракI цIалареб; **~ое чте́ние** гIенеккизе бокьуларе, пасихIаб гуреб цIали

НЕВЫ́СКАЗАННЫЙ, -ая, -ое тIубан загьир гьабичIеб, абичIеб, абичIого тараб, абичIого хутIараб

НЕВЫСО́К//ИЙ, -ая, -ое 1) (*низкий*) тIуцаб, къокъаб, борхатаб гьечIеб; **~ое де́рево** борхатаб гьечIеб гъветI; **~ого ро́ста** къокъаб черхалъул; **~ая температу́ра** гIодобегIанаб температура (бухIи-цIорой) 2) *перен. (посредственный)* къадаралъул, къуватлъул, сахлъиялъул рахъалъ тIадегIанаб къимат гьечIеб; **това́р ~ого ка́чества** тIадегIанаб качество гьечIеб къайи

НЕВЫСОКО́ *нареч.* тIуцго, борхат гьечIого, гIодобегIанисан; **самолёт лете́л ~** самолет гIодобегIанисан боржунеб букIана

НЕВЫ́ХОД *м* вачIунгутIи; бачIунгутIи (*басмаялда*); **~ на рабо́ту** хIалтIуде вачIунгутIи

НЕ́Г//А *ж* 1) (*довольствие*) мурад тIубай, тIубанго хIал хьей; **жить в ~е** тIубараб хIалхьеялда (хIал хьун) гIумру гьабизе 2) (*блаженство*) рахIат, лазат; тIолалго ресаздасан пайда босун, мурад тIубай; **предава́ться ~е** хIакъикъияб, гIумрудулаб рахIаталдасан пайда босизе; гьанта битIун, гьантаялда вукIине

НЕГАТИ́В *м фото* негатив

НЕГАТИ́ВН//ЫЙ[1], -ая, -ое фото негативалъул; **~ое изображе́ние** негативалъулаб сурат (плёнкаялда, негативалда бугеб сурат)

НЕГАТИ́ВНЫЙ[2], -ая, -ое (*отрицательный*) гIаксаб, мекъаб; **~ отве́т** мекъаб жаваб

НЕГАШЁН//ЫЙ, -ая, -ое: **~ая и́звесть** билъичIеб гач

НЕ́ГДЕ *нареч. с неопр.* бакI гьечIо; **~ отдохну́ть** хIалхьи гьабизе бакI гьечIо

НЕГИ́БК//ИЙ, -ая, -ое 1) бигьаго гьетIулареб, кIичIулареб; **~ие ве́тви** бигьаго кIичIуларел гIаркьалаби 2) *перен.* шартIазда рекъон, хехго хисизе лъалареб; **~ий язы́к** хехго хисулареб (ахIвал-хIалалда рекъон, бицине лъалареб) мацI

НЕГЛЯ́СНЫЙ, -ая, -ое къватIибе бахъизе бегьулареб, балъгояб; **~ надзо́р** балъгояб халкквей (*лъиданиги хадуб*)

НЕГЛУБО́К//ИЙ, -ая, -ое 1) тIалхияб, гьварилъи гьечIеб; **~ая я́ма** гьварилъи гьечIеб донкI, гвенд; **~ий ручёй** тIалхияб лъар 2) (*поверхность*) тIадго бугеб; кIудияб бицалъи гьечIеб 3) (*о чувстве, состоянии*) тIадагъаб; **~ий сон** тIадагъаб макъу

НЕГЛУ́ПЫЙ, -ая, -ое гIантав гурев, гIезегIан гIакъилав, цIодорав; **~ челове́к** гIезегIан цIодорав чи; **~ отве́т** гIезегIан гIакъилаб жаваб

НЕГО́ *мест. личн., род. и вин. п. от* **он, оно́**

НЕГО́ДНИК *м разг.* квешго хьвадулев, квешаб гIамал бугев вас

НЕГО́ДНИЦА *ж разг.* квешаб гIамалалъул яс

НЕГО́ДНОСТЬ *ж* пайда гьечIолъи; **прийти́ в ~** пайда гьечIолъиялде ккезе; **привести́ в ~** пайда гьечIолъиялде ккезабизе, хвезабизе

НЕГО́ДНЫЙ, -ая, -ое 1) (*непригодный*) *сундуениги* хIалтIизабизе бегьулареб; **~ к употребле́нию** пайда босизе бегьулареб 2) (*плохой, недостойный*) къадарав, хIалихьатав; **~ челове́к** къадарав, ярагьунарев чи

НЕГОДОВА́НИЕ *с* щцин бахъин; **прийти́ в ~** щцин бахъине

НЕГОДОВА́ТЬ *несов. на кого-что, против кого-чего лъиданиги, сунданиги* щцин бахъине

НЕГОДЯ́Й *м* хIалихьатав, нахъегIанав чи; хъурумсахъ, хIарамзада

НЕГОДЯ́ЙКА *ж* хIалихьатай, нахъегIанай гIадан, хъурумсахъ, хIарамзада

НЕГОСТЕПРИИ́МНЫЙ, -ая, -ое гьобол вокьуларев, гьобол рихарав; **~ челове́к** гьобол къабул гьавуларев чи; **~ хозя́ин** гьобол вокьуларев хважаин

НЕГР *м* неграв, негр

НЕГРА́МОТНОСТ//Ь *ж* 1) (*неумение читать и писать*) хъвазе-цIализе лъангутIи; **ликвида́ция ~и** хъвазе-цIализе лъангутIи тIагIинаби, лъугIизаби 2) (*безграмотность*) жа-гьиллъи, *сундуениги* хIажатаб лъай гьечIолъи 3) (*наличие ошибок*) грамматикаялъул ва гIуцIиялъулал гъалатIал рукIин; **~ь чертёжа** чертёжалда гъалатIал рукIин

НЕГРА́МОТН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*не умеющий читать и писать*) хъвазе-цIализе лъаларев; **~ый челове́к** жагьилав, хъвазе-цIализе лъаларев чи 2) (*с орфографическими ошибками*) гъалатIал ругеб (*хъвай-хъвагIай*); **~ый учени́к** лъай гьечIев цIалдохъан; **~ая речь** гъалатIазул цIураб калам 3) (*выполненный с ошибками*) гъалатIал риччараб (*хIалтIи*); **~ый чертёж** гъалатIал ругеб чертеж ◊ **полити́чески ~ый** политикияб рахъалъ лъай гьечIев, политикияб бичIчIи гьечIев

НЕГРИТЁНОК *м* гьитIинав неграв, негразул вас

НЕГРИТЯ́НКА *ж* неграй

НЕГРИТЯ́НСКИЙ, -ая, -ое негразул(аб); **~ та́нец** негразул кьурди

НЕ́ГРЫ *мн.* неграл (*тропикалъулаб Африкаялъул аслияб халкъ: неграл-банту, суданалъул неграл*)

НЕГУ́ СТО *в знач. сказ.* дагь буго; **де́нег у него́** ~ досул гIарац дагь буго (гIемер гьечIо)

НЕГУСТО́Й, -ая, -ое 1) (*о волосах, лесе*) лъедераб 2) (*жидкий*) лъамияб

НЕДА́ВН//ИЙ, -яя, -ее 1) дагьаб цебегIан ккараб, букIараб; **~ий слу́чай** дагьаб цебегIан ккараб иш; **до ~его вре́мени** дагьаб цебе заманалде щвезегIан 2) (*о людях*) дагьал цере цогидал чагIилъун рукIарал; ~ **шко́льники** дагьал цере школалъул цIалдохъабилъун рукIарал чагIи

НЕДА́ВНО *нареч.* дагьаб цебегIан; **совсе́м** ~ ахIанже, гьанже гIагар

НЕДАЛЁК//ИЙ, -ая,-ое 1) (*по расстоянию*) аскIоб, гIагарда бугеб; **~ий путь** рикIкIадаб гьечIеб нух 2) (*по времени*) дагьаб цебе ккараб *яги* кватIичIого букIине бугеб; **в ~ом бу́дущем** кватIичIого, жакъа-метер 3) *перен. (неумный, ограниченный*) лъавукъав, бакIав, камурав, пикру мукъсанав; **~ий челове́к** кIудияб гIакълу гьечIев, гьедигIан цIодорав гурев чи

НЕДАЛЕКО́ и **НЕДАЛЁКО 1.** *нареч. к* **недалёкий в** 1 и 2 знач.) **2**. *в знач. сказ.:* 1) (*по расстоянию*) **лес** ~ рохь аскIобго буго 2) (*по времени*) **до зимы́** ~ хасел рикIкIад гьечIо ◊ **за приме́рами** ~ **ходи́ть** мисалаздалъун *сунданиги* бигьаго цIар чIвазе, бихьизабизе, тасдикъ гьабизе

НЕДАЛЬНОВИ́ДНОСТЬ *ж сундулниги* хIасил цебеккунго бихьун бажарунгутIи; цебеккунго хIисаб гьабунгутIи, цебеккунго бичIчIунгутIи

НЕДАЛЬНОВИ́ДН//ЫЙ, -ая, -ое хIасил цебеккунго бихьун бажаруларев, *сундулниги* цебеккунго хIисаб гьабуларев; **~ая поли́тика** щиб ккелебали хIисаб гьабулареб, беццаб политика; **~ый план** кинаб хIасил ккелебали лъаларе план

НЕДА́РОМ *нареч.* гIадада, чIалгIаде гуро; **он пришёл** ~ гIадада гуро дов вачIарав; ~ **говори́ тся…** чIалгIаде гуро абулеб…

НЕДВИ́ЖИМОСТЬ *ж юр.* багъаруларе, добе-гьанибе босуларе мал-мулк (*хурзал, рукъзал*); (*кици*: багъаруларе кьун, багъарулеб босуларе)

НЕДВИ́ ЖИМ//ЫЙ, -ая, -ое *юр.* багъаруларе, цадахъ босуларе; ◊ **~ое иму́щество** мина-рукъ, *щивниги* бетIергьанаб ракь, ах-хур

НЕДВИЖИ́ МЫЙ, -ая, -ое *уст. (неподви́жный*) багъаруларе, багъаричIого цо бакIалда бугеб

НЕДВУСМЫ́СЛЕНН//ЫЙ, -ая, -ое баянаб, кIиго магIна гьечIеб, кIиго магIна гьабун бажаруларе; **~ый отве́т** кIиго магIна гьечIеб, баянаб жаваб; **~ое наме́рение** баянаб, якъинго бичIчIулеб къасд

НЕДЕЕСПОСО́БН//ЫЙ, -ая, -ое 1) иш, хIалтIи бажаруларе; **~ая организа́ция** иш бажаруларе гIуцIи 2) *юр.:* **~ый граждани́ н** жиндирго ихтиярал тIуразаризе ва жиндирго ишазе гIоло жаваб кьезе бажаруларев чи, чIанкI гьечIев чи

НЕДЕЙСТВИ́ ТЕЛЬНОСТЬ *ж* хIакъикъияб гуреб, законияб гуреб букIин

НЕДЕЙСТВИ́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое 1) законияб, хIакъикъияб гуреб; **про́пуск недействи́ телен** пропуск хIакъикъияб гьечIо; **призна́ть ~ым** хIакъикъияб гуреблъун рикIкIине 2) (*не оказывающий действия*) законияб къуват жиндир гьечIеб; **~ые ме́ры** жидер (къанунияб) законияб къуват гьечIел тадбирал

НЕДЕЛИКА́ТНЫЙ, -ая, -ое кIалъаялъулъ адаб гьечIев; хъачIаб гIамалалъул *(чи)*

НЕДЕЛИ́М//ЫЙ, -ая, -ое бикьуларе, бутIабазде биххуларе; **~ый фонд колхо́за** колхозчагIазда гьоркьоб бикьуларе, гIаммаб магIишат цебетIеялъе хIалтIизабулеб гIарцул фонд; **~ые чи́ сла** *мат.* рикьун унарел рикIкIенал

НЕДЕЛОВО́Й, -ая, -ое речIчIа-регIи гьечIев

НЕДЕ́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое анкьил, анкьго къоялъул; ~ **план** анкьил план; ~ **срок** анкьил болжал; ~ **за́работок** анкьил харж

НЕДЕ́Л//Я *ж* анкь; **че́рез ~ю** (цо) анкьидасан; **ка́ждую ~ю** щибаб анкьида(-ца) ◊ **рабо́чая ~я** анкьил хIалтIулел кьоял, хIалтIул анкь

НЕДЕРЖА́НИЕ *с:* ◊ ~ **мочи́** *мед.* кIущ ккквезе кIунгутIи (*унти*)

НЕДЁШЕВО *нареч.* 1) (*довольно дорого*) гIезегIан хираго, багьаго; **я заплати́ л за кни́ гу** ~ дица тIехьалъухъ гIезегIан гIарац кьуна (хираго босана) 2) *перен. (с трудом*) кIудияб захIаталдалъун, хIалица; ~ **обойти́ сь** гIезегIан къо бихьун, ворчIизе

НЕДИСЦИПЛИНИ́ РОВАННОСТЬ *ж* гIадлу гьечIолъи

НЕДИСЦИПЛИНИ́РОВАННЫЙ, -ая, -ое гIадлу гьечIев, гIадлу цIунизе ругьунлъичIев, гIадлу-низам хвезабулев; ~ **учени́ к** гIадлу гьечIев цIалдохъан

НЕДОБИРА́ТЬ *несов. см.* **недобра́ть**

НЕДОБО́Р *м* хIисабалде босарабгIан бакIарунгутIи, данделъунгутIи (*щибниги, щалниги*); бакIаризе, данделъизе кIвечIеб къадар

НЕДОБРА́ТЬ *сов. кого-что* хIисабалда букIаралдаса дагь бакIаризе, росизе; ~ **студе́нтов на пе́рвый курс** тIоцебесеб курсалде студентал рихьизаруразаса дагь росизе

НЕДОБРОЖЕЛА́ТЕЛЬ *м лъидехунниги, сундехунниги* квешаб балагьи гьабулев, тушманаб ниятальулав, (*цогидазе*) лъикI-лъи бокьуларев

НЕДОБРОЖЕЛА́ТЕЛЬНИЦА *ж* квешаб балагьи гьабулей, тушманаб ниятальулай гIадан

НЕДОБРОЖЕЛА́ТЕЛЬНОСТЬ *ж* тушманлъи букIин, квешаб ният букIин; квешлъи бокьи (*лъиениги*)

НЕДОБРОЖЕЛА́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое рокьукъаб, квешаб, тушманаб ниятальул, лъикIлъи бокьулареб (*балагьи, гьоркьоблъи*)

НЕДОБРОКА́ЧЕСТВЕННОСТЬ *ж* къадараб, хашаб качество букIин; ~ **това́ров** къайиялъул (къайидул) къадарлъи, хашлъи

НЕДОБРОКА́ЧЕСТВЕННЫЙ, -ая, -ое къадараб, хашаб качествоялъул

НЕДОБРОСО́ВЕСТНО *нареч.* къадарго, тIаса-масаго, бичча-бихъан

НЕДОБРОСО́ВЕСТНОСТЬ *ж* 1) (*нечестность*) намус гьечIолъи 2) (*небрежность*) агъаз гьечIолъи, бичча-бихъан тей

НЕДОБРОСО́ВЕСТН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*нечестный*) намус гьечIеб, нахIсаб, нахъегIанаб; **~ый посту́пок** намус гьечIого, гьабураб иш 2) (*небрежный*) агъаз гьечIеб, бичча-бихъараб; **~ая рабо́та** бичча-бихъан (тIаса-масаго) гьабураб хIалтIи

НЕДО́БР//ЫЙ, -ая, -ое **1.** 1) (*злой, враждебный*) щцидалаб; тушманаб; **~ый взгляд** цидалаб балагьи 2) (*таящий беду*) тIаде щолеб кьварилъиялъул бицунеб; **~ая весть** квешаб хабар **2.** *в знач. сущ.* **~ое** *с* квешаб, квешлъи́; **се́рдце чу́ет ~ое** рекIеда бичIчIулеб буго квешлъи́; **заду́мать ~ое** квешлъи ургъизе

НЕДОВА́РИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **недовари́ ть(ся)**

НЕДОВАРИ́ТЬ *сов. что* гIураб къадаралда белъунгутIизе; ~ **ка́шу** карщ (*гIураб куцалъ*) белъинабичIого тезе

НЕДОВАРИ́//ТЬСЯ *сов.* тIубан белъунгутIизе; **суп ~лся** чурпа тIубан белъун (лъугIун) гьечIо

НЕДОВЕ́РИЕ *с* божунгутIи, божилъи хвей; **вы́ разить** ~ божунгутIи лъазабизе (бихьизабизе)

НЕДОВЕ́РЧИВОСТЬ *ж* божилъи гьечIолъи (чияда божунгутIи)

НЕДОВЕ́РЧИВЫЙ, -ая, -ое чияда божуларев, божилъи гьечIев; ~ **челове́к** божилъи гьечIев чи (чияда божуларев чи)

НЕДОВЕ́С *м* **1.** (*по гл.* **недове́сить**) (бичулелъул) камизабун цIай **2.** (*недостаток веса*) тIубараб цIайиялъе гIечIеб къадар

НЕДОВЕ́СИТЬ *сов. что, чего* цIайи гIезабунгутIизе, камизабун цIазе, цIавулъ мукъсанлъи биччазе; ~ **сто грамм(ов) са́хара** цIалаго чакаралъул нусго грамм камизабизе; кколелдаса дагь цIазе

НЕДОВЕ́ШИВАТЬ *несов. см.* **недове́сить**

НЕДОВО́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое рази гьечIев, разияв гурев; ~ **взгляд** разияб гуреб балагьи

НЕДОВО́ЛЬСТВ//О *с* рази гьечIолъи; **выраже́ние ~а** рази гьечIолъи загьир гьаби

НЕДОВЫПОЛНЕ́НИЕ *с*: ~ **пла́на** план чIезабураб къадаралда тIубазабунгутIи; *сундулниги* тIубазабичIеб бутIа; ~ **составля́ ет пять проце́нтов пла́на** планалъул тIубазабичIеб бутIа кколеб буго щуго процент

НЕДОВЫ́ ПОЛНИТЬ *сов. что* тIубазабунгутIизе

НЕДОВЫПОЛНЯ́ ТЬ *несов. см.* **недовы́ полнить**

НЕДОГА́ДЛИВОСТЬ *ж* хехго хадув гъунунгутIи; бакIлъи, тохлъи

НЕДОГА́ДЛИВЫЙ, -ая, -ое хехго хадув гIунтIуларев, нахъгIунтIуларев; бакIав, тохав, цIодорлъи гьечIев; **~ челове́к** хадув гъоларев чи; **како́й ты ~!** дур тохлъи! (мун вугев тохав чи!)

НЕДОГЛЯДЕ́ТЬ *сов. разг. см.* **недосмотре́ть**

НЕДОГОВА́РИВАТЬ *несов. см.* **недоговори́ ть**

НЕДОГОВОРЁННОСТЬ *ж* 1) (*замалчивание*) ахиралде щвезегIан *щибниги* абунгутIи; балъго гьаби, бахчи 2) (*несогласованность*) *лъиданиги гьоркьоб* къотIи-къай, разилъи гьечIолъи

НЕДОГОВОРИ́ ТЬ *сов. что, чего и без доп.* тIубанго абунгутIизе, *щибниги* абичIого тезе

НЕДОГРУЖА́ТЬ *несов. см.* **недогрузи́ ть**

НЕДОГРУЗИ́ТЬ *сов. что, чего щибниги* букIине кколелдаса дагь *сунданиги* лъезе; **~ то́нну угля́** ганчIил тIурччи цо тоннаялъ дагь лъезе

НЕДОГРУ́ ЗКА *ж* (*по гл.* **недогрузи́ ть**) цIезабунгутIи, кколеб къадаралда тIад лъунгутIи; хIалтIул гIураб нагрузка гьечIолъи

НЕДОДАВА́ТЬ *несов. см.* **недода́ть**

НЕДОДА́ТЬ *сов. что, чего* букIине кколелдаса цо къадаралъ дагь кьезе

НЕДОДЕ́ЛАТЬ *сов. что, чего* букIине кколелдаса, хIажаталдаса *щибниги* цо къадаралъ дагь гьабизе

НЕДОДЕ́ЛКА *ж* 1) (*незаконченность*) хIалтIи, иш ахиралде щвезабунгутIи 2) (*упущение*) хIалтIул, бараб бакIалъул *ва. гьц.* гIунгутIи

НЕДОЕДА́НИЕ *с* (*по гл.* **недоеда́ть**) гIорцIизегIан, гIураб къадаралда кванангутIи

НЕДОЕДА́ТЬ *несов. см.* **недое́сть**

НЕДОЕ́СТЬ *сов.* гIорцIизегIан, гIураб къадаралда кванангутIизе

НЕДОЗВО́ЛЕННЫЙ, -ая, -ое гьукъараб; гьабизе изну, ихтияр гьечIеб

НЕДОЗРЕ́ЛЫЙ, -ая, -ое барщичIеб; **~ арбу́з** барщичIеб хъарпуз

НЕДОИ́ МКА *ж* налогалъул жиндир заманалда кьечIого хутIараб бутIа

НЕДОКА́ЗАНН//ЫЙ, -ая, -ое хIужжабаздалъун чIезабичIеб, бихьизабичIеб; **~ое обвине́ние** хIужжабаздалъун чIезабичIеб гIайиб

НЕДОКАЗУ́ ЕМЫЙ, -ая, -ое хIужжабаздалъун тасдикъ гьабизе, чIезабизе кIолареб

НЕДОКО́НЧЕННЫЙ, -ая, -ое лъугIичIеб, ахиралде щвечIеб

НЕДО́ЛГ//ИЙ, -ая, -ое заманаялъ къокъаб, халат бахъинчIеб; къокъаб; **~ая ле́тняя пора́** риидалил къокъаб лахIзат; **~ое вре́мя** дагьаб заман; **после ~ого размышле́ния** дагьабго заманаялъги ургъун (ургъун хадуса)

НЕДО́ЛГО 1. *нареч.* цо лахIзаталда, халат бахъинчIого; **~ ду́мая** гIемер ургъичIого **2.** *в знач. сказ. разг.* гIемер заман хIажалъуларо; **в тако́й ре́чке и утону́ть ~** гьадинаб лъаралъ бигьаго (хехго) гьанкъизеги бегьула

НЕДОЛГОВЕ́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*непрочный*) щулияб гуреб, гIемер мех балареб; **~ая постро́йка** гIемер мех балареб, щулияб гуреб мина-рукъ 2) *перен.*: **~ое сча́стье** къокъабго (халат бахъинчIеб) талихI

НЕДОЛЁТ *м гIужда щвечIого, тункIил (гIарададул) гулла* гIагарда щвей

НЕДОЛЮ́ БЛИВАТЬ *несов. кого-что лъиденги, сунденги* кIудияб рокьи́го букIунгутIизе, ракIалъ босунгутIизе

НЕДОМЕ́РОК *м* букIине кколеб роцен гьечIеб ретIел-хьит; *(чIахIиязе гIисинал, гIисиназе чIахIиял хьитал)*

НЕДОМОГА́НИЕ *с* унтараб хIалалда вукIин, кIоларого вукIин; **чу́вствовать ~** лъикI гьечIого, вукIине; **о́бщее ~** гIаммаб, чорхоего щокъаб хIал лъугьин (букIин)

НЕДОМОГА́ТЬ *несов.* унтизе, щокълъизе, кIоларого ву-кIине, лъикI гьечIого, вукIине

НЕДОМО́ЛВК//А *ж* ахиралде щвезабун, абичIеб яги, гIенеккарав живго тIад ургъун, гьадин батилилан хIисаб гьабизе абураб жо; **говори́ть ~ами** ахиралде щвезабичIого, абизе; бащдаб абун тезе

НЕДОМЫ́СЛИ//Е *с (глупость)* гъваридго, кьучIде ваккун, гьабичIеб пикру; цIубачIеб, рагIалде щвечIеб пикру; ; ургъичIого гьабураб иш; **сде́лать** *что-л.* **по ~ю** *щибниги* ургъичIого гьабизе

НЕДОНО́СОК *м* заман щвечIого, гьабураб лъимер (яги тIинчI)

НЕДОНО́ШЕННЫЙ, -ая, -ое эбелалъул ургьиб кколеб заман бачIеб (*лъимер, тIинчI*), мех щвелалде гьабураб *(лъимер)*

НЕДООЦЕ́НИВАТЬ *несов. см.* **недооцени́ ть**

НЕДООЦЕНИ́ ТЬ *сов. кого-что лъиениги, сундуениги* кколеб къимат кьунгутIизе; **~ си́ лы врага́** тушманасул къуваталъе кколеб къимат кьунгутIизе

НЕДООЦЕ́НКА *ж* (*по гл.* **недооцени́ть**) кколеб къимат кьунгутIи

НЕДОПИВА́ТЬ *несов. см.* **недопи́ ть**

НЕДОПИ́ СЫВАТЬ *несов. см.* **недописа́ть**

НЕДОПИСА́ТЬ *сов. что, чего* ахиралде щвезегIан хъвангутIизе; **~ письмо́** кагъат ахиралде щвезегIан хъвангутIизе

НЕДОПИ́ТЬ *сов. что, чего* къеч буссинегIан гьекъонгутIизе

НЕДОПЛАТИ́ТЬ *сов. что, чего* кколелдаса дагь гIарац кьезе (*щибниги босулаго*); **~ три рубля́** лъабго гъурущалъ дагь кьезе, камизабизе

НЕДОПЛА́ЧИВАТЬ *несов. см.* **недоплати́ть**

НЕДОПОЛУЧА́ТЬ *несов. см.* **недополучи́ ть**

НЕДОПОЛУЧИ́ТЬ *сов.* кколелдаса дагь щвезе, босизе; **~ де́сять рубле́й** кколелдаса анцIго гъурущалъ дагь щвезе (*къарз*)

НЕДОПРОИЗВО́ДСТВО *с щибниги* кколелдаса дагь гьаби; **~ маши́ н** машинаби рихьизаруразаса дагь гьари

НЕДОПУСТИ́МОСТ//Ь *ж щибниги* гьабизе бегьунгутIи, тунгутIи, нух гьечIолъи; **он говори́ л о ~и опозда́ний** гъос бицана (абуна) хIалтIуде кватIизе бегьунгутIиялъул хIакъалъулъ

НЕДОПУСТИ́М//ЫЙ, -ая, -ое букIине, гьабизе бегьулареб, нух гьечIеб; **~ый посту́пок** гьабизе бегьулареб иш; **~ое поведе́ние** рекъечIеб гIамал-хасият

НЕДОРАБА́ТЫВАТЬ *несов. см.* **недорабо́тать**

НЕДОРАБО́ТАННЫЙ, -ая, -ое гIураб куцалъ, ахиралде щун, гьабичIеб, лъугIичIеб

НЕДОРАБО́ТАТЬ *сов.* 1) *что* кколелдаса, хIажаталдаса дагь хIалтIизе; **~ ру́копись** рукописалда кколеб хиса-баси гьабунгутIизе 2) (*недостаточно работать*) *сунданиги тIад* гьабулеб хIалтIи лъугIизабичIого, ахиралде щвезабичIого тезе; дагь хIалтIизе

НЕДОРАБО́ТКА *ж* **1.** (*по гл.* **недорабо́тать**) дагь хIалтIи **2.** (*изъян*) гъалатI, гIунгутIи (*хIалтIулъ*); тIубачIолъи

НЕДОРА́ЗВИТОСТЬ *ж* тIубараб даражаялда цебетIунгутIи; гIей, цебетIей заман щвелалдего чIей

НЕДОРА́ЗВИТЫЙ, -ая, -ое тIубараб куцалъ цебе тIечIеб, камиллъун бахъинчIеб, гIураб къадаралда цIубачIеб; **~ ребёнок** бараб заманалда рекъон, гIакълу-лъай, чорхол цебетIей щвечIеб лъимер

НЕДОРАЗУМЕ́НИ//Е *с* 1) *щибниги* лъикIаб куцалъ, тIубараб даражаялда бичIчIунгутIи; мекъса бичIчIи **по ~ю** бичIчIунгутIиялъ 2) (*ссора*) гъалатIал риччай, цоцазда ричIчIунгутIи, разилъи гьечIолъи; **в семье́ постоя́нные ~я** хъизаналда даимаб дагIбакъец, цоцада ричIчIунгути букIуна

НЕДО́РОГО *нареч.* учузго, гIемер хира гьечIого

НЕДОРОГ//О́Й, -ая, -ое учузаб, гIемер, хирияб гуреб; **~ая ткань** хирияб гуреб ххам, учузаб ххам

НЕДОРО́Д *м* хур бачIунгутIи, загIипаб хIалухъин бижи; **грози́ л ~** хур бачIунгутIиялъул хIинкъи букIана

НЕ́ДОРОСЛЬ *м* 1) *уст.* балугълъуде вахинчIев вас, (*18–19 гIасрабазда*) жеги пачалихъалъул хъулухъалде лъугьинчIев дворяназул вас 2) *перен. (недоучка)* гIантмахIав, ахиралде щвезегIан цIали гьабичIев гIолилав; лъай гьечIев, цеве тIечIев чи

НЕДОСА́ЛИВАТЬ *несов. см.* **недосоли́ ть**

НЕДОСЕ́В *м* бихьизабун букIаралдаса дагь бекьи

НЕДОСЛЫ́ ША//ТЬ *сов. что, чего и без доп.* 1) рагIунгутIизе (квешго рагIизе, кинабго рагIунгутIизе); **извини́те, я ~л** гIайиб гьабуге, дида рагIичIо 2) *разг. (быть глуховатым)* гIинда бакIав вукIине

НЕДОСМО́ТР *м* 1) (*недостаточный надзор*) *лъиданиги, сунданиги хадуб* гIураб хъаравуллъи, халкквей гьечIолъи 2) (*оплошность*) кIвар кьечIолъиялъ биччараб гъалатI

НЕДОСМОТРЕ́ТЬ *сов. что, чего, за кем-чем лъиданиги, сунданиги хадуб* хал кколаго, гIунгутIи биччазе; кколеб куцалъ хал кквечIого, гъалатI биччазе; **~ за ребёнком** лъимада хадуб кколеб куцалъ балагьунгутIизе

НЕДОСО́Л *м* гIураб къадаралда цIан гьечIолъи, цIан рагIизабунгутIи (*цIамулъ лъолелъул*), цIан рагIичIолъи, цIан гIунгутIи

НЕДОСОЛИ́ТЬ *сов. что, чего* гIураб къадаралда цIан бангутIизе, кколелдаса дагь цIан базе; **~ суп** чурпадулъе гIолебгIан цIан бангутIизе (дагьаб бан тезе)

НЕДОСПА́ТЬ *сов.* гIорцIизегIан кьижунгутIизе, макьид хьечIого вукIине

НЕДОСПЕ́Л//ЫЙ, -ая, -ое тIубан барщичIеб, барщун бахьинчIеб, гIураб куцалда барщичIеб; **~ая ды́ня** тIубан барщичIеб пастIан

НЕДОСТА//ВА́ТЬ *несов. безл. кого-чего (отсутствовать, не иметься*) гIураб къадаралда яги даражаялда букIунгутIизе; гIунгутIизе, камун букIине; **ему́ ~ёт де́нег** гъосие гIарац гIолеб гьечIо; **у него́ ~ёт ума́** гъосул гIакълу гIолеб гьечIо; **ему́ ~ва́ло друзе́й** гъосул гьудулзаби дагь рукIана; **мне тебя́ ~ва́ло!** дие мун камун вукIана! ◊ **э́ того (только) ещё ~ва́ло!** гьеб букIана гьанже камураб жо!

НЕДОСТА́Т//ОК *м* 1) (*нехватка*) гIунгутIи, гьечIолъи; **~ок жило́й пло́щади** жанир чIолеб бакI гIунгутIи 2) (*изъян, дефект*) гIунгутIи, сакъатлъи, мукъсанлъи; **физи́ческий ~ок** чорхол сакъатлъи 3) *мн. разг. (нужда)* ками, мискинлъи, хIажалъи

НЕДОСТА́ТОЧНО 1. *нареч.* загIипго, мукъсанго, къадарго; **знать уро́к ~ твёрдо** дарс къадарго лъазе **2.** *в знач. сказ. безл.* дагь буго, гIоларо; **э́ того ~** гьеб гIоларо

НЕДОСТА́ТОЧН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*малый*) дагьаб, гIолареб; гIей гьабулареб; **~ая су́мма** гIарцул дагьаб къадар 2) (*лишенный оснований*) кьучI гьечIеб; **~ая причи́на для огорче́ния** пашманлъиялъе кьучI гьечIеб гIилла

НЕДОСТА́ТЬ *сов. см.* **недоставáть**

НЕДОСТА́ЧА *ж гIураб къадаралда щивниги, щибниги* ками, гIунгутIи; **~ де́нег в ка́ссе** кассаялда гIарац ками, камун бати

НЕДОСТИЖИ́М//ЫЙ, -ая, -ое мурадалде щолареб, тIубалареб, бажаруларе6 (*неосуществимый*); жинде бахараб, релъгьараб тIокIаб гьечIеб (*недосягаемый*); **~ая цель** тIубалареб мурад

НЕДОСТОВЕ́РНОСТЬ *ж* жиндир ритIухъиялда щаклъи букIин (*сомнительность*); дуруслъи гьечIолъи (*неточность*); **~ слу́хов** харбазул ритIухълъиялда щаклъи букIин

НЕДОСТОВЕ́РН//ЫЙ, -ая, -ое щакаб (*сомнительный*); дурусаб гуреб (*неточный*); **~ые све́дения** хIакъал, якъинал гурел баянал

НЕДОСТО́ЙНЫЙ, -ая, -ое 1) (*не заслуживающий чего-л.*) мустахIикъаб гуреб; **~ внима́ния** кIвар кьезе мустахIикъаб гуреб 2) (*бесчестный*) лайикъаб, нахъегIанаб, хIалихьатаб, намус гьечIеб; **соверши́ть ~ посту́пок** нахъегIанаб иш гьабизе

НЕДОСТУ́ПН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*неприступный*) босизе, аскIоре къазе кIолареб; **~ая скала́** тIаде рахине кIолареб кьуру 2) (*непонятный, трудный*) бичIчIулареб, захIматаб; **~ая кни́га** бичIчIулареб (бичIчIизе захIматаб) тIехь 3) *разг. (дорогой*) хирияб, багьаяб 4) (*о человеке*) жинде нух бахъизе захIматаб гIамалалъул чи

НЕДОСУ́Г *м разг.* **1.** (*о возможности*) эркенаб заман гьечIолъи; **не пришёл из-за ~а** эркенаб заман гьечIолъиялъ ва-чIинчIо **2**. *в знач. сказ., кому и неопр.* регIун вукIинчIо: **мне ~ пойти́ туда́** дун регIун вукIинчIо гьениве ине (дове ине дир регIел букIинчIо)

НЕДОСЧИТА́//ТЬСЯ *сов. кого-чего* рикIкIунелъул *щивниги, щибниги* камун ратизе; **по́сле бо́я ~лись мно́гих бойцо́в** рагъдаса хадур гIемерал рагъухъаби камун ратана

НЕДОСЧИ́ТЫВАТЬСЯ *несов. см.* **недосчитáться**

НЕДОСЫПА́ТЬ *несов. см.* **недоспáть**

НЕДОСЯГА́ЕМ//ЫЙ, -ая, -ое жинде щолареб, гIунтIуларе6, рахине кIолареб; **на ~ой высоте́** рахине кIолареб борхалъуда

НЕДОТРО́ГА *м, ж разг.* жиндехунго махсара-хочI хIехьоларев, абураб, гьабураб квеш букIунев чи (*гьединайго чIужу*), жинда щибго хъатIизе бегьуларев чи (*гьединайго гIадан*)

НЕДОУ́ЗДОК *м* чангит

НЕДОУМЕВА́ТЬ *несов.* виххун, гьабизе жо лъаларого, малъ къосун хутIизе, васвасдизе

НЕДОУМЕ́НИ//Е *с* васвасди, щакдари, виххи, ма́лъкъосин, гьабизе жо лъаларого, хутIи; **он был в ~и** гъов виххун вукIана; **смотре́ть с ~ем** щиб гьабилебали лъаларого, валагьун хутIизе

НЕДОУМЁННЫЙ, -ая, -ое виххараб, васвасдулеб, малъ къосараб, щакдарулеб; **~ взгляд** щакдарулеб балагьи

НЕДОУ́ЧКА *м, ж разг.* ахиралде щун, цIаличIев, *щибниги* дагь лъалев чи (*гьединайго гIадан*); чIинкIил, лъавукъ

НЕДОЧЁТ *м* 1) (*недостача*) рикIкIунаго тIатараб *сундулниги* гIунгутIи, ками 2) *мн.* **~ы** (*изъян*) гIунгутIаби, мукъсанлъи; **испра́вить ~ы в рабо́те** хIалтIулъ ругел гIунгутIаби тIагIинаризе

НЕ́ДРА *мн.* ракьул гъварилъуда бакI; жаниб бакI, ракьалда гъоркь бугеб магIдан, *цогидаб* бечелъи

НЕДРЕ́МЛЮЩИЙ, -ая, -ее гъапуллъулареб; цIодорго чIараб; **~ глаз** данде бачунареб бер

НЕ́ДРУГ *м* тушман, рихарав чи

НЕДРУЖЕЛЮ́БИЕ *с* тушманлъи, рокьукъаб гьоркьоблъи; **проявля́ть ~** тушманлъи, рокьукълъи бихьизабизе

НЕДРУЖЕЛЮ́БН//ЫЙ, -ая, -ое *лъидехунниги* рокьукъго, тушманлъиялда балагьулев; рокьукъаб, тушманаб, рихараб; **~ое отноше́ние** гьудуласулаб гуреб, тушманаб гьоркьоблъи

НЕДРУ́ЖЕСТВЕН\\НЫЙ, -ная, -ное гьудуллъи хвезабиялъулаб

НЕДРУ́ЖНО *нареч.* рокьукъго, тушманлъиялда, цоцалъ рекъечIого; **~ жить** цоцалъ рекъечIого, гIумру гьабизе; **~ петь** данде ккечIого, кечI ахIизе; **~ рабо́тать** цоцалъ рекъечIого, хIалтIизе

НЕДРУ́ЖНЫЙ, -ая, -ое цоцалъ рекъечIеб, данде кколареб

НЕДУ́Г *м* унти, щокъльи, татухвей; рекIел рахIатхвей

НЕДУ́РНО 1. *нареч.* лъикI, гIемер лъикI, квеш гурого; **он ~ рису́ет** гъос гIемер лъикI суратал рахъула **2.** *в знач. сказ. безл.* гIемер лъикI буго, квеш гьечIо; **больно́й чу́вствует себя́ ~** унтарав квеш гьечIо; **~ бы** квеш букIинароан

НЕДУРН//О́Й, -ая, -ое 1) (*неплохой*) квешаб гуреб; **~ой го́лос** квешаб гуреб гьаракь 2) (*о внешности*) гIезегIан берцинаб сипатсуратальъул; **она́ ~а́ собо́й** гъой гIезегIан берцинай гIадан йиго

НЕДЮ́ЖИНН//ЫЙ, -ая, -ое цогидаздаса тIокIав, цогидав вукIунарев гIадав; **~ая си́ла** гIадатияб гуреб къуват; **~ый тала́нт** гIорхъолъа борчIараб пагьму-гьунар

НЕЁ *мест. личн. род., вин. п. от* **она́**

НЕЕСТЕ́СТВЕННН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*противоестественный*) тIабигIияб (хIакъикъияб) гуреб; **~ая смерть** гIадатияб гуреб хвел 2) (*необычный, деланный*) нилъецаго гьабураб; **~ый цвет лица́** гьурмал тIабигIияб гуреб, гьабураб кьер; **~ый смех** хIалица гьабураб (релъгьинчIеб) релъи

НЕЖА́РК//ИЙ, -ая, -ое бухIараб, багIарараб гуреб; гьогьомараб; **~ое ле́то** гьогьомараб рии

НЕЖДА́НН//ЫЙ, -ая, -ое ракIалда букIинчIеб; **пришли́ ~ые го́сти** ракIалдаго рукIинчIел гьалбал рачIана

НЕЖЕЛА́НИЕ *с* бокьунгутIи, *щибниги гьабизе* къасд гьечIолъи; **~ рабо́тать** хIалтIизе бокьунгутIи; **~ поня́ть друг дру́га** цоцазда ричIчIизе бокьунгутIи; **~ помо́чь** цоцазе кумек гьабизе къасд гьечIолъи, бокьунгутIи

НЕЖЕЛА́ТЕЛЬНОСТЬ *ж* хIажат гьечIолъи; **~ подо́бных явле́ний** гьединал ишал, лъугьабахъинал хIажат гьечIолъи

НЕЖЕЛА́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое бакьан гуреб, мурадлъун гьечIеб, хIажатаб гуреб; **~ый расхо́д** хIажатаб гуреб харж; **~ые после́дствия** ракIалда рукIинчIел (хIажатал гурел) хIасилал

НЕ́ЖЕЛИ *союз. уст.* -даса; **э́ то ле́гче, ~ ты ду́маешь** гьеб дуда ракIалде кколелдаса бигьаяб буго; **больно́му сего́дня лу́чше, ~ вчера́** унтарав соналдаса жакъа лъикI вуго; **он прино́сит бо́льше вреда́, ~ по́льзы** гьелъ пайдаялдаса зарар цIи-кIкIун гьабула

НЕЖЕНА́ТЫЙ, -ая, -ое лъади ячинчIев, ригьин гьабичIев

НЕ́ЖЕНКА *м, ж разг.* хIеренлъи бокьулев, гьацав, тамахав чи; къо бихьичIев чи

НЕЖИВ//О́Й, -ая, -ое 1) (*мертвый*) хварав; чIаголъиялъул гIаламаталго гьечIев 2) (*неорганический*) чIагояб гуреб, рухIчIаголъабазул яги гъветI-хералъул дунялда гьоркьобе унареб; **~а́я приро́да** чIагояб гуреб тIабигIат 3) *перен. (вялый*) бечIараб, чIа-

голъи, багъа-бачари, чIанкI гьечIеб; **~о́й взгляд** хварасул гIадинаб балагьи, нур гьечIеб балагьи

НЕЖИ́ЗНЕНН//ЫЙ, -ая, -ое гIумруялдаса, хIакъикъаталдаса рикIкIадаб; гIумруялда кколареб гIадаб; **~ое мероприя́тие** гIумруялда букIунареб гIадаб иш, лъугьа-бахъин

НЕЖИЗНЕСПОСО́БН//ЫЙ, -ая, -ое гIумру цIунизе бажари гьечIеб; **~о́е живо́тное** чIаголъи гьечIеб хIайван; **~а́я тео́рия** гIумруялда данде кколареб теория

НЕЖИЛ//О́Й, -ая, -ое гIадан жанив вукIунареб, жанив чIолареб; **~а́я ко́мната** жанир рукIунареб рукъ

НЕ́ЖИТЬ *несов.к ого-что* 1) (*баловать*) гогьдаризавизе 2) (*услаждать*) рахIат босизе; **~ взор** бер гIорцIизабизе; **~ слух** гIенеккун кеп босизе

НЕ́ЖИТЬСЯ *несов.* рахIаталда вукIине, иш гьечIолъиялдаса кеп босизе; **~ на со́лнце** бакъалда вукIун, кеп босизе

НЕ́ЖНИЧАТЬ *несов. разг. лъилгунниги* гьоркьоблъиялда, кIалъаялда цIакъго хIеренго, тамахго вукIине

НЕ́ЖНОСТ//Ь *ж* 1) недегьлъи; **чу́вствовать ~ь** *к кому-л. лъидехунниги* недегьго вукIине 2) (*мягкость*) тамахлъи; **говори́ть ~и** лъамиял жал рицине 3) *мн.* **~и:** ◊ **теля́чьи ~и** гIорхъолъа борчIараб яги кколареб бакIалда бихьизабураб хIеренлъи

НЕ́ЖН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*ласковый*) хIеренаб; **~ый взгляд** хIеренаб балагьи 2) (*мягкий, приятный*) тамахаб, недегьаб, гьуинаб; **~ый за́пах** гьуинаб махI; **~ая рука́** хIеренаб квер; **~ая ко́жа** тамахаб тIом 3) (*хрупкий*) чIимигIаб, загIипаб, кашканаб; **~ого сложе́ния** загIипаб черхалъул ◊ **~ый пол** руччаби (загIипал жал)

НЕЗАБВЕ́ННЫЙ, -ая, -ое кIочонареб, кIочене рес гьечIеб, кIочон толареб; **~ друг** кIочонарев гьудул

НЕЗАБУ́ДКА *ж бот.* незабудка (*зодил кьерал гIисинал тIугьдулги ругеб хер*)

НЕЗАБЫВА́ЕМЫЙ, -ая, -ое жиндир хIакъалъулъ кIочене бегьулареб; ракIалда чIолеб; **~ые го́ды** ракIалде щолел сонал

НЕЗАВИ́ДН//ЫЙ, -ая, -ое бахиллъиларе, бер чIегIерлъулареб; квешаб, лъикIаб гуреб; **~ое положе́ние** бахиллъиларе хIал

НЕЗАВИ́СИМО *нареч. лъидаго, сундаго* вачIого, бачIого; балагьичIого; *~ от чего-л. сундухъго* балагьичIого, *сундаго* бачIого

НЕЗАВИ́СИМОСТЬ *ж* чияда бараб гьечIолъи; **национа́льная ~** миллияб жибго жиндаго чIей; миллияб эркенлъи

НЕЗАВИ́СИМ//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*свободный*) эркенаб, чияда бачIеб; **~ые стра́ны** чияда рачIел улкаби 2) (*самостоятельный*) жибго жиндаго чIараб; **он челове́к ~ый** гьев живго жиндаго чIарав чи вуго

НЕЗАВИ́СЯЩ//ИЙ, -ая, -ее: **по ~им** *от кого-чего* **обстоя́тельствам** *лъидаго – сундаго* рачIел шартIаздалъун, гIиллабазда лъул

НЕЗАДА́ЧА *ж разг.* битIккунгутIи, битIгьечIолъи

НЕЗАДА́ЧЛИВ//ЫЙ, -ая, -ое разг. 1) (*несчастливый*) талихI гьечIеб, талихI къараб; **~ая судьба́** талихI къараб къисмат 2) (**неуда́чливый**) данде билъгьунареб; **~ый челове́к** данде жо билъгьунарев, битI гьечIев, кколарев чи

НЕЗАДО́ЛГО *нареч. до чего, перед чем сундасаниги* цебе, дагьалъ цебе; *~* **до револю́ции** революция ккелалде дагьалъ цебе; *~* **пе́ред пра́здником** праздникалда цебе

НЕЗАЖИВА́ЮЩ//ИЙ, -ая, -ее сахлъулареб, бигъараб; **~ая ра́на** бигъараб ругъун

НЕЗАКО́ННО *нареч.* законияб гуреб, законалда данде кколареб куцалъ, законалдаса бахъун; **де́йствовать** *~* законалда данде кколареб куцалъ иш гьабизе

НЕЗАКОННОРОЖДЁННЫЙ, -ая, -ое *прил. и в знач. сущ. м уст.* законнияб ригьнада гьечIел, магьари лъечIел эбел-инсуе гьабураб (*лъимер*); *в знач. сущ. ~* къватIулъажо

НЕЗАКО́НН//ЫЙ, -ая, -ое законалда гьечIеб, законалда рекъолареб, законалдаса бахъараб; **~ые де́йствия** законалде данде кколарел ишал ◊ **~ая жена́** *уст.* магьари лъечIей, загсалда хъвай-хъвагIай гьабичIей лъади; **~ый ребёнок** *уст. см.* **незаконнорождённый**

НЕЗАКОНОМЕ́РНЫЙ, -ая, -ое законалъе мутIигIлъичIеб; гIилла гьечIеб

НЕЗАКО́НЧЕННОСТЬ *ж* лъугIичIолъи, ахиралде щвечIолъи

НЕЗАКО́НЧЕНН//ЫЙ, -ая, -ое ахиралде щвечIеб, лъугIичIеб; **~ое де́ло** лъугIичIеб иш; **~ое вы́сшее образова́ние** ахиралде щвечIеб тIадегIанаб лъай

НЕЗАМЕДЛИ́ТЕЛЬНО *нареч.* нахъбахъичIого, нахътIамичIого; хехго; *~* **яви́ ться** нахътIамичIого вачIине

НЕЗАМЕДЛИ́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое нахъбахъичIеб, нахътIамичIеб, хехаб; *~* **отве́т** нахътIамичIеб (хехаб) жаваб

НЕЗАМЕНИ́МЫЙ, -ая, -ое цогидалъ хисизе бегьулареб, кIолареб, захIматаб; цIакъ хIажатаб; *~* **рабо́тник** цогидас хисун бажаруларев хIалтIухъан

НЕЗАМЕ́ТНО 1. *нареч.* лъачIого, бихьичIого; **уйти́** *~* лъачIого, вихьичIого нахъе ине **2.** *в знач. сказ. безл.* лъалеб, бихьулеб гьечIо; **~, что́бы он боле́л** гьов унтун вукIин бихьулеб гьечIо; *~* **для нас** нилъеда бихьуларо

НЕЗАМЕ́ТН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*почти не видный*) хIалица гурони бихьулареб; **~ый шов** хIалица бихьулеб рацIцIи; **~ые измене́ния** гьаругьинан лъугьунел, рихьуларел хиса-басиял 2) *перен.* вихьуларев, цогидаздаса ватIа вахъуларев, вугищ-гьечIищали лъалареб; **~ый рабо́тник** вихьуларев, вугев-гьечIев лъалареб хIалтIухъан

НЕЗАМУ́ЖНЯЯ, -ее ригьнада, росасда гьечIей (гIадан)

НЕЗАМЫСЛОВА́Т//ЫЙ, -ая, -ое цIакъго гIадатаб, кIудияб магIнаго гьечIеб; **~ое содержа́ние пье́сы** пьесаялъул цIакъго гIадатаб магIна

НЕЗА́НЯТЫЙ, -ая, -ое 1) чIобогояб, эркенаб; *~* **дом** чIобогояб, жанив чи гьечIеб мина; *~* **челове́к** эркенав, хIалтIи гьечIев чи

НЕЗАПА́МЯТН//ЫЙ, -ая, -ое некIсияб, цIакъго цебесеб; **с ~ых времён** некIсияб заманалдаса нахъего 2) кIочон толареб

НЕЗАПЯ́ТНАНН//ЫЙ, -ая, -ое сунцаго чорок гьабичIеб, ланг лъечIеб, гъиз хъвачIеб, чIегIераб тIанкI лъечIеб, бацIцIадаб, чороклъичIеб, хъублъичIеб; **~ая репута́ция** чIегIераб тIанкI лъечIеб, хъублъичIеб сий, къадру

НЕЗАРА́ЗН//ЫЙ, -ая, -ое бахунареб; **~ая боле́знь** бахунареб унти

НЕЗАСЕЛЁННЫЙ, -ая, -ое жанив чи гьечIеб, жаниве чи вахъинавичIеб

НЕЗАСЛУ́ЖЕННО *нареч.* мекъи, тIекъго; **он ~ нака́зан** досие тамихI мекъи гьабун буго

НЕЗАСЛУ́ЖЕННЫЙ, -ая, -ое мустахIикъаб гуреб, мекъаб, тIекъаб; *~* **упрёк** мустахIикъаб гуреб, мекъаб бадибчIвай

НЕЗАСТРАХО́ВАНН//ЫЙ, -ая, -ое страхованиялда лъечIеб; **~ое иму́щество** страхованиялда лъечIеб къайи-къоно, буголъи

НЕЗАТЕ́ЙЛИВЫЙ, -ая,-ое гIадатаб, сихIирлъи гьечIеб; *~* **расска́з** жиндир магIнаялда тIад гIемер ургъизе кколареб хабар

НЕЗАУРЯ́ДН//ЫЙ, -ая, -ое цогидазда гьоркьоб батIалъулеб, хехго цебе рехулеб, гIадатияб гуреб; бергьараб, цIакъ кIудияб; **~ые спосо́бности** цогидазул гьечIеб, цIакъ кIудияб бажари

НЕ́ЗАЧЕМ *нареч.* къваригIел гьечIо, хIажат гьечIо; *~* **там остава́ться** дора чIезе хIажат гьечIо

НЕЗАШИФРО́ВАННЫЙ, -ая, -ое шифралда лъечIеб

НЕЗАЩИЩЁННЫЙ, -ая, -ое цIуничIеб; *~* **от ве́тра** гьородаса цIуничIеб

НЕЗВА́НЫЙ, -ая, -ое ахIичIого вачIарав, ахIичIев; *~* **гость** ахIичIев гьобол

НЕЗДЕ́ШНИЙ, -яя, -ее гьаниб гIумру гьабуларев, гьанив гьавичIев, къватIиса вачIарав; **он ~** дов гьаниса гуро

НЕЗДОРО́ВИ//ТЬСЯ *несов. безл. кому* дун (*субъект, личн.*) лъикI гьечIо, сах гьечIо; **мне ~тся** дун сах гьечIого вуго, дун лъикI гьечIого вуго

НЕЗДОРО́В//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*болезненный*) унтараб, щокъаб; **~ый вид лица́** гьурмал унтараб гIадаб кьер 2) (*вредный для здоровья*) сахлъиялъе заралияб; **~ый кли́мат** сахлъиялъе заралияб гьава-бакъ 3) *перен. (ненормальный) гIадамазул гьоркьоблъиялъе яги пачалихъалъе* заралияб, тIекъаб; **~ая обстано́вка** заралияб (лъикIаб гьечIеб) ахIвал-хIал

НЕЗДОРО́ВЬЕ *с* унтараб, щокъаб хIал; сахлъи гьечIолъи, унти, щокълъи

НЕЗЕМН//О́Й, -ая, -ое тIабигIияб гуреб, дунялалда букIунареб;**~ы́е теля́** ракъалда рукIунарел жал 2) (*возвышенный*) илла-

гьияб; **~а́я любо́вь** иллагьияб рокьи

НЕЗЛОБИ́ВЫЙ, -ая, -ое рекIелъ хъублъи, щцин гьечIев; аваданав; ракI лъикIав; **~ хара́ктер** аваданаб гIамал-хасият

НЕЗЛОПА́МЯТНЫЙ, -ая, -ое щцин рекIелъ цIунуларев, рецIел босуларев, *жиндие гьабураб* квешлъи хеккого кIочон толев

НЕЗНАКО́МЕЦ *м* лъаларев (*жиндиргун лъай-хъвай гьечIев*) чи

НЕЗНАКО́МКА *ж* лъаларей гIадан

НЕЗНАКО́М//ЫЙ, -ая, -ое **1.** 1) лъаларев, цеве дандчIвачIев; **~ые мне места́** дида лъаларел бакIал; **~ые лю́ ди** лъаларел гIадамал 2) (*чуждый*) хIал бихьичIеб, лъалареб букIараб; **она́ ~а с за́вистью** гъолда жахIда щибали лъаларо **2.** *в знач. сущ.* **~ый** *м* лъаларев (чи); **~ый постуча́лся в дверь** лъаларев чияс нуцIа бухана **3.** *в знач. сущ.* **~ая** *ж* лъаларей (гIадан)

НЕЗНА́НИ//Е *с* лъангутIи, лъавукълъи; *лъилниги, сундулниги хIакъалъулъ* лъай гьечIолъи; **по ~ю** лъангутIиялдалъун, лъавукълъиялдалъун; **~е зако́нов** законал лъангутIи

НЕЗНА́ЧАЩИЙ, -ая, -ее гьадингояб; кIудияб кIвар, магIна гьечIеб; **~ разгово́р** кIвар гьечIеб, гьадингояб хабар

НЕЗНАЧИ́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*небольшой*) дагъаб, дагъамакъаб, гьитIинаб; **~ая су́мма де́нег** дагъа-макъаб гIарац; **взрыв ~ой си́лы** гьитIинаб гучалъул кьвагьи 2) (*маловажный*) гьитIинаб, дагъаб кIвараль ул, магIнаялъул; **~ая про́сьба** гьитIинабго (жого гуреб) гьари

НЕЗРЕ́ЛОСТЬ *ж* 1) (*о плодах*) барщичIолъи, тIубан барщичIолъи 2) *перен. (неподготовленность*) цебетIеялъул тIадегIанаб гуреб, гIечIеб даража; **полити́ческая** ~ политикияб загIиплъи, лъавукълъи 3) балугълъиялде вахинчIолъи

НЕЗРЕ́Л//ЫЙ, -а, -ое 1) (*неспелый*) барщичIеб, цIубачIеб, барщукъаб; **~ое я́блоко** барщичIеб гIеч 2) *перен. (слабый)* махщел, хIалбихьи гьечIев; **~ый по́т** махщалиде щвечIев (махщел камиллъичIев) шагIир

НЕЗРИ́ МЫЙ, -ая, -ое берда бихьизе кIолареб, бихьуларе б

НЕЗРЯ́ Ч//ИЙ, -ая, -ее **1.** беццав, канлъи бихьуларев **2.** *в знач. сущ.* **~ий** *м,* **~ая** *ж* беццав, беццай; **а́збука для ~их** беццазе бугеб азбука

НЕЗЫ́БЛЕМОСТЬ *ж* къвакIи, къуркьи гьечIолъи, хисунгутIи, щулалъи

НЕЗЫ́ БЛЕМ//ЫЙ, -ая, -ое къвакIараб, къуркъулареб, хисулареб, щулияб, чучулареб

НЕИЗБЕ́ЖНО *нареч.* чара гьечIого, рес гьечIого

НЕИЗБЕ́ЖНОСТЬ *ж* чара гьечIолъи, рес гьечIолъи

НЕИЗБЕ́ЖН//ЫЙ, -ая, -ое чара гьечIеб, рес гьечIеб, жиндаса рорчIизе бакI гьечIеб; **~ая смерть** рорчIизе рес гьечIеб хвел; **~ые после́дствия** чара гьечIел хIасилал

НЕИЗВЕ́ДАНН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*неизученный*) лъазабичIеб, цIех-рех гьабичIеб; **~ые места́** цIех-рех гьабичIел бакIал 2) (*неиспытанный*) хIал бихьичIеб, хIал лъаларе б, кинаб бугебали лъалареб; **~ое сча́стье** кинаб букIинебали лъалареб талихI

НЕИЗВЕ́СТНО 1. *нареч.* …кидаяли, …кивеяли **2.** *в знач. сказ. безл.* лъаларо; **мне ~, когда́ он придёт** кида гъов вачIиневали дида лъаларо; **э́ то ещё** ~ гьеб жеги лъаларо

НЕИЗВЕ́СТНОСТ//Ь *ж* 1) (*неопределенность*) лъангутIи 2) (*отсутствие сведений*) баянал гьечIолъи, хабар гьечIолъи; **пребыва́ть в ~и** кивали лъаларого, хабар гьечIого, вукIине 3) (*скромное существование*) машгьурлъи гьечIеб гIумру; **жить в ~и** машгьурлъи гьечIеб гIумру гьабизе

НЕИЗВЕ́СТН//ЫЙ, -ая, -ое **1.** 1) (*неведомый*) *кинабали, щибали* лъалареб; **~ая доро́га** лъалареб нух 2) (*не пользующийся известностью*) машгьурлъи гьечIеб, цIар ргIичIеб **2.** *в знач. сущ.* **~ый** *м* щивали лъаларев (чи) **3.** *в знач. сущ.* **~ая** *ж* щияли лъаларей (гIадан)

НЕИЗГЛАДИ́М//ЫЙ, -ая, -ое (*незабываемый*) кIочонареб, рекIелъа унареб; лъалкI течIого, тIагIунареб; **~ое впечатле́ние** кIочонареб асар; **~ый след** тIагIунареб лъалкI

НЕЙЗДАННЫЙ, -ая,-ое басмаялда бахъичIеб, къватIибе биччачIеб

НЕИЗЛЕЧИ́МЫЙ, -ая, -ое лъикIлъуларе б, сахлъуларе б; лъикIлъизабизе, сахлъизабизе кIолареб; **~ больно́й** сахлъуларев (сах гьавизе кIоларев) унтарав

НЕИЗМЕ́ННО *нареч.* хиси гьечIого, даимго, кидаго

НЕИЗМЕ́ННОСТЬ *ж* даимлъи, хиси гьечIолъи

НЕИЗМЕ́НН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*постоянный*) даимаб, кидагосеб, хисулареб, хиси гьечIеб; **~ое пра́вило** хисулареб къагIида 2) (*преданный, верный*) ритIухъав; **~ый друг** ритIухъав гьудул

НЕИЗМЕНЯ́ЕМ//ЫЙ, -ая, -ое хиси лъалареб, (*жиндие*) хиси хасиятаб гуреб, хисулареб; *лингв.* **~ые ча́сти ре́чи** хисуларел каламалъул бутIаби

НЕИЗМЕРИ́ МО *нареч. при сравн. ст.* кутакалда; хIисаб тун, ргIа-ракьан гьечIого, хIаталдаса ун; **~ лу́чше** кутакалда лъикI (*лъикIаб буго – сунданиги данде ккун*)

НЕИЗМЕРИ́ М//ЫЙ, -ая, -ое борцине кIолареб, гIурхъи гьечIеб; цIакъ кIудияб; **~ые простра́нства** гIурхъи гьечIел ракьал (гIатIилъаби)

НЕИЗУ́ ЧЕННЫЙ, -ая, -ое лъазабичIеб; **~ край** лъазабичIеб улка–ракь, рахъ

НЕИЗЪЯСНИ́М//ЫЙ, -ая, -ое (*непередаваемый*) бицун бажаруларе б, бицун хIал кIолареб; **~ое волне́ние** бицун хIал кIолареб рахIатхвей

НЕИМЕ́НИЕ *с*: ◊ **за ~м вре́мени** заман букIунгутIиялъ, заман гьечIолъиялъ; **за ~м сре́дств** сурсатал гьечIолъиялъ, рескъотIиялъ

НЕИМОВЕ́РН//ЫЙ, -ая, -ое цIакъ гучаб, кIудияб, хIисаб гьечIеб; гIурхъулъа борчIараб, божизе захIматаб; **~ая си́ ла** божизе кIолареб къуват; **~ый хо́лод** цIакъ кутакаб квач

НЕИМУ́ Щ//ИЙ, -ая, -ее 1) ресукъаб, мискинаб, язихъаб; **~ие слои́ населе́ния** халкъалъул ресукъал гIадамал (гъатал) 2) *в знач. сущ.* **~ие** мискинзаби

НЕИСКОРЕНИ́ М//ЫЙ, -ая, -ое кьучI тIагIинабизе кIолареб, лъугIизабизе захIматаб; **~ые поро́ки** кьучI бакъвазабизе захIматал гIунгутIаби

НЕЙСКРЕНН//ИЙ, -яя, -ее унго-унгоял мурадал рахчулеб, кIигьумераб, гьересияб; **~ие отноше́ния** кIигьумерал гьоркьорлъаби

НЕЙСКРЕННОСТЬ *ж* кIигьумерчилъи, ракIалда бугеб бахчи, ракI рагьунгутIи

НЕИСКУ́ СНЫЙ, -ая, -ое ургъун бахъичIеб, тIабигIияб, хIакъикъияб

НЕИСКУШЁННОСТЬ *ж* хIалбихьи гьечIолъи, *щибниги* квешго лъай; **его́ ~ в вопро́сах литерату́ры** литературиял (адабияталъул) суалазулъ гьесул хIалбихьи гьечIолъи

НЕИСКУШЁННЫЙ, -ая, -ое *щибниги* квешго лъалев, хIалбихьи гьечIев; **~ в поли́тике челове́к** политика квешго лъалев, бичIчIуларев чи

НЕИСПОЛНЕ́НИЕ *с* тIубангутIи, тIубазабунгутIи

НЕИСПОЛНИ́ М//ЫЙ, -ая, -ое тIубалареб, тIубазабизе кIолареб, тIубазабуларе б; **~ая мечта́** тIубалареб анищ

НЕИСПОЛНИ́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое *жиндаго* тIадаб, тIад къараб иш мухIканго, берцинго тIубазабуларев; **~ рабо́тник** тIадаб хIалтIи мухIканго гьабуларев хIалтIухъан

НЕИСПО́ЛЬЗОВАННЫЙ, -ая, -ое пайда босичIеб, пайда босичIого, хутIараб; **~ о́тпуск** пайда босичIеб отпуск

НЕИСПО́РЧЕННЫЙ, -ая, -ое 1) (*о вещи*) хвезабичIеб, цIунараб 2) (*нравственно чистый*) гIамал-хасият, намус бацIцIадав (*инсан*)

НЕИСПРАВИ́ М//ЫЙ, -ая, -ое хисизабизе захIматаб, хисизабизе кIолареб; къачIан бажаруларе б; битIизабизе кIолареб; **~ый дефе́кт** къачIазе захIматаб гIунгутIи; **~ая оши́бка** битIизабизе кIолареб, бажаруларе б гъалатI

НЕИСПРА́ВНОСТЬ *ж* 1) (*дефект*) гIунгутIи, гъая, жа-гъаллъи букIин 2) (*неаккуратность*) *щибниги* жиндир заманалда дурусго гьабунгутIи

НЕИСПРА́ВНЫЙ, -ая, -ое 1) (*поврежденный*) хвараб, хIалтIуларе б, жагъаллъараб, зарар ккараб; **~ механи́зм** хIалтIуларе б механизм 2) *разг. (неаккуратный, неисполнительный*) дуруслъи гьечIев, кколедухъ, мухIканго иш гьабуларев; **~ плате́льщик** ккол еб гIарац (налог) кьоларев налъулав

НЕИСПЫ́ ТАННЫЙ, -ая, -ое хIал бихьичIеб, *кинаб бугебали* хал гьабичIеб

НЕИССЛЕ́ДОВАННЫЙ, -ая, -ое цIех-рех гьабичIеб

НЕИССЯКА́ЕМ//ЫЙ, -ая, -ое лъугIи (къвин) гьечIеб, гьаразаяб; нахъаса къотIи гьечIеб; **~ая эне́ргия** лъугIи гьечIеб къуват (энергия); **~ый родни́ к** къунареб ищц

НЕИ́ СТОВСТВО *с* 1) (*исступление*) хIаладаса ин; рекIедаса ун, щцидахин, тIури бачIин; **прийти́ в ~** тIури бачIун, лъугьине 2) (*жестокость*) рахIму гьечIолъи

НЕЙСТОВСТВОВАТЬ *несов.* 1) щцидахине, тIури бачIине, хIаладаса ине 2) (*проявлять жестокость*) гурхIел-рахIму гьечIолъи бихьизабизе

НЕЙСТОВ//ЫЙ, -ая, -ое щцидалав, тIури щварав, рахIму гьечIев; **~ое упо́рство** кIвахI тараб тIаделъи; **~ый восто́рг** гIурхъи лъаларе, цIакъ кутакаб рохел, шавкъ

НЕИСТОЩИ́М//ЫЙ, -ая, -ое (*неиссякаемый*) лъугIи гьечIеб; **~ый запа́с не́фти** нефталъул лъугIи гьечIеб нахърател; **~ая эне́ргия** дагьлъулареб гуч

НЕИСТРЕБИ́М//ЫЙ, -ая, -ое лъугIизабизе, тIагIинабизе кIолареб; **~ая не́нависть к врагу́** тушманасде бугеб кIудияб рокьукълъи (лъугIулареб рокьукълъи)

НЕИСЦЕЛИ́ М//ЫЙ, -ая, -ое сахлъизабизе кIолареб; **~ая боле́знь** сахлъизабизе кIолареб унти

НЕИСЧЕРПА́ЕМЫЙ, -ая, -ое *см.* **неистоща́ мый**

НЕИСЧИСЛИ́М//ЫЙ, -ая, -ое рикIкIине, хIисаб гьабизе кIолареб; рикIкIун лъугIулареб; **~ые си́лы** хIисаб тун гIемерал, рикIкIун хIал кIоларел къуватал

НЕЙ *мест. личн. дат., предл. п. от* **она́**

НЕЙЛО́Н *м* нейлон

НЕЙЛО́НОВ//ЫЙ, -ая, -ое нейлоналъул гьабураб, нейлоналъул; **~ые чулки́** нейлоналъул (кунал) щватаби

НЕЙРО́Н *м анат.* нейрон (нервалъул клетка)

НЕЙРОХИРУРГИ́Я *ж мед.* нейрохирургия (*хирургиялъул къагIидаялъ нервазул унти сах гьабулеб хирургиялъул бутIа*)

НЕЙТРАЛИЗА́ЦИЯ *ж* **1.** (*по гл.* **нейтрализова́ть**) нейтралияблъун гьаби **2.** (*уничтожение, ослабление силы, влияния*) цогиялъул къуват, цогиялъ гьабулеб асар хвезаби, загIип гьаби **3.** *хим.* кислотаялъул хасиятал щелочазул кумекалдалъун, щелочазул хасиятал кислотабазул кумекалдалъун хвезарулеб химикияб реакция, нейтрализация

НЕЙТРАЛИЗОВА́ТЬ *сов. и несов.* 1) нейтралияблъун гьабизе; **~ госуда́рство** пачалихъ нейтралияблъун гьабизе 2) *что перен. (пресечь действие)* иш гьоркьоб къотIизабизе, гьукъизе; **~ вре́дное влия́ ние** заралияб асар гьаби гьоркьоб къотIизабизе 3) *что хим.*: **~ раство́р** растворалъул химиялъулал хасиятал хвезаризе, загIип гьаризе

НЕЙТРАЛИТЕ́Т *м (невмешательство)* нейтралитет, гьоркьоре лъугьунгутIияльул, *лъилниги* рахъ ккунгутIияльул политика; **нару́шить ~** нейтралитет хвезабизе; **соблюда́ть ~** нейтралитет цIунизе

НЕЙТРА́ЛЬНОСТЬ *ж* нейтралитетлъи, нейтралитет букIин

НЕЙТРА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое 1) нейтралитеталда бугеб, нейтралияб; **~ые госуда́рства** нейтралиял пачалихъал 2) (*не примыкающий ни к одной из сторон*); дагIба-къецалда ругел цонигиязул рахъ кколареб; **~ый челове́к** цонигиязул рахъ кколарев чи 3) *хим.* нейтралияб; **~ый раство́р** *кинаб букIаниги* реакция кьолареб (лъугьунареб) раствор (билъен)

НЕЙТРО́Н *м физ.* нейтрон (*электрикияб заряд жинда гьечIеб атомалъул ядроялъул зарра*)

НЕКАЗИ́СТЫЙ, -ая, -ое бихьизе бегIукъаб, коцокъаб, сурукъаб; **~ па́рень** вихьизе коцокъав гIолилав

НЕКАПИТАЛИСТИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое капиталистияб гуреб; **~ путь разви́ тия** цебетIеялъул капиталистияб гуреб нух

НЕКА́ЧЕСТВЕНН//ЫЙ, -ая, -ое ярагьунареб, къадараб; **~ые изде́лия** къадараб къайи

НЕКВАЛИФИЦИ́РОВАНН//ЫЙ, -ая, -ое махщел гьечIеб; хасаб махщел къваригIунареб; **~ая рабо́та** хасаб махщел хIажалъуларе хIалтIи

НЕ́КЕМ *тв. п. от* **не́кого**

НЕ́КИЙ *мест. неопр.* кинавалиго, щивалиго; **вас спра́шивал ~ Ивано́в** мун цIехолев вукIана кинавалиго Ивановас

НЕ́КОГДА[1] *нареч. в знач. сказ. безл. (нет времени)* заман гьечIо, регIел гьечIо; **мне ~** дир заман гьечIо

НЕ́КОГДА[2] *нареч. (когда-то)* кидаялиго, некIого, цебего; **~ здесь бы́ ло о́зеро** цо кидаялиго гьаниб хIор букIана

НЕ́КОГО *мест. отриц. (некому, некем, не о ком)* щивниги (*чи*); **~ туда́ посла́ть** гьениве витIизе чи гьечIо; **не́кому поручи́ ть э́ то де́ло** гьеб иш тIад къазе чи гьечIо; **его́ не́кем замени́ ть** гьев хисизе чи гьечIо; **не́ с кем поговори́ ть** кIалъазе чиго гьечIо; **не́ о ком узна́ть** жиндир хIакъалъулъ лъазе чи гьечIо

НЕКОМПЕТЕ́НТНЫЙ, -ая, -ое 1) *сундулниги хIакъалъулъ* гIураб лъай гьечIев; хIалбихьи гьечIев; **~ челове́к** гIураб лъай гьечIев чи 2) (*не имеющий права*) жиндир лъаялдалъун яги борчалдалъун хIукмуялъе ихтияр гьечIев *(чи);* игIтибар гьечIев

НЕКОМПЛЕ́КТН//ЫЙ, -ая, -ое тIубан комплект гIолареб; **~ое обору́дование** комплект гIолареб, гьоркьоса *щибниги* камураб оборудование

НЕ́КОМУ *дат. п. от* **не́кого**

НЕКОРРЕ́КТНЫЙ, -ая, -ое (*невежливый*) кIалъалелъул хъачIлъи биччалев; адаб гьечIев

НЕ́КОТОР//ЫЙ, -ая, -ое *мест. неопр.* **1.** кигIаналиго, чIанкъотIун чIезабичIеб; гIемер гьечIеб, дагьа-макъаб; **с ~ого вре́мени** цо дагьаб заманалдасан; **до ~ой сте́пени** цо кинабалиго даражаялде щвезегIан **2.** *в знач. сущ.* **~ые** *мн.* цо-цоял, цо тайпа; **~ые ду́мают ина́че** цо-цояз батIайиса пикру гьабулеб буго; **~ые из них** гьезул цо-цоял

НЕКРАСИ́В//ЫЙ, -ая, -ое 1) сурукъаб; берцинаб, гьайбатаб гуреб; **~ый по́черк** сурукъаб хатI 2) *разг. (непорядочный)* нахъегIанаб, къадараб, сурукъаб, къабихIаб; **~ое де́ло** къадараб иш

НЕКРЕДИТОСПОСО́БНОСТЬ *ж фин.* налъи бецIизе кIунгутIи

НЕКРЕДИТОСПОСО́БНЫЙ, -ая, -ое *фин.* налъуе босараб гIарац жиндир заманалда нахъ буссинабизе кIоларев (*чи*); **~ должни́ к** къарз бецIизе кIоларев налъулав

НЕКРЕ́ПК//ИЙ, -ая, -ое 1) (*непрочный*) тамахаб, щулияб гьечIеб, чIимигIаб; **~ая мате́рия** чIимигIаб ххам 2) (*слабый физически*) загIипаб; **~ого здоро́вья** загIипаб сахлъиялъул 3) (*о табаке, вине и т.п.*) кIвакIи гьечIеб, тамахаб

НЕКРИТИ́ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое критикияб гуреб; **~ое отноше́ние к де́лу** ишалдехун критикияб гуреб бербалагьи

НЕКРОЛО́Г *м* некролог (*щивниги хвеялъул хIакъалъулъ, гьесул гIумрулъулги хIалтIулги бицун, хъвараб макъала-статья*)

НЕКРУ́ ПНЫЙ, -ая, -ое кIудияб (чIахIияб) гуреб, гIисинаб

НЕКСТА́ТИ *нареч.* ригьи гуреб мехалъ, кьваригIел гьечIеб мехалъ, заман гуреб мехалъ; **~ пришёл** ригьи гуреб заманалда вачIана; **~ сказа́л** кьваригIел гьечIеб мехалъ (кколареб бакIалда) абуна

НЕКТА́Р *м* нектар (**1.***Греказул некIсиял маргьабалъ аллагьазабазе даимаб гIолохъанлъиги берцинлъиги кьолеб хурдузул ба-хъараб гьекъел* **2.** *бот. тIугьдузул гьунаб лъим, лъонцIо*)

НЕ́КТО *мест. неопр.* щивалиго, кинавалиго чи

НЕ́КУДА *нареч. с неопр.* бакI гьечIо; **ему́ ~ идти́** досие ине бакI гьечIо; **здесь ~ поста́вить стул** гьаниб бакI лъезе бакI гьечIо ◊ **~ торопи́ться** гIедегIизе ккараб бакI гьечIо; **да́льше е́хать ~ !** тIокIалъги ине бакI гьечIо!

НЕКУЛЬТУ́ РНОСТЬ *ж* культура гьечIолъи; культураялъул гIодобегIанаб даража; **отлича́ться ~ю** культура гьечIолъиялдалъун цогидаздаса тIокIав вукIине (ватIа вахъулевлъун вукIине)

НЕКУЛЬТУ́ РН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*невоспитанный*) культура гьечIев, гIодобегIанаб культураялъул; нахъе ккараб 2) *бот. (дикорастущий*) культурияблъун гьабичIеб, хъулухъ гьабун, къачIачIеб, гIезабичIеб, гIалхулаб; **~ые расте́ния** гIалхулал хурдул, гIалхулаб гъветI-хер

НЕКУРЯ́Щ//ИЙ, -ая, -ее **1.** хъалиян цIаларев; папирос бухIуларев **2.** *в знач. сущ.* **~ий** *м* хъалиян цIаларев; **ваго́н для ~их** хъалиян цIаларезул (цIаларезе бугеб) вагон

НЕЛА́ДНО 1. *нареч.* квешго, къагIида гьечIого, лазат бахъун, санагIалъи гьечIого **2.** *в знач. сказ.* квешго, къагIида гьечIого буго; **тут что́-то ~** гьениб *щибалиго* санагIалъи гьечIого буго

НЕЛА́ДН//ЫЙ, -ая, -ое *разг.* **1.** лазат бахъараб, лъикIаб гьечIеб, квешаб, къадараб; 2) (*неуклюжий*) тирилъи гьечIев; **~ый па́рень** тирилъи гьечIев гIолилав **2.** *в знач. сущ..* **~ое** къадараб ◊ **будь ты нела́ден!** кIалагъоркье чIваги гьеб!

НЕЛА́ДЫ́ *мн. разг.* дагIба-рагIи, къец; **семе́йные ~** хъизаналъул дагIба-къец (рагIи данде ккунгутIи)

НЕЛА́СКОВО *нареч.* хIеренлъи гьечIого, хъачIго

НЕЛА́СКОВЫЙ, -ая, -ое хъачIаб, хIеренлъи гьечIеб; **~ ребёнок** хъачIаб лъимер

НЕЛЕГА́ЛЬНО *нареч.* балъго, законалъ ихтияр кьечIого

НЕЛЕГА́ЛЬНОСТЬ *ж* законалъ гьукъараб, балъго хIалтIулеб, балъгояб букIин

НЕЛЕГА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое балъгояб, гъоркьан хIалтIулеб, законалъ гьукъараб; **~ая литерату́ра** гьукъараб литература; **~ое положе́ние** балъгояб хIал; **~ая де́ятельность** балъгояб хIалтIи

НЕЛЕ́ГКАЯ: принесла́ его́ ~ *разг.* гьев гьаниве заман гуреб, санагIалъи гьечIеб мехалъ вачIана; **куда́ тебя́ ~ несёт?** заман гуреб мехалъ мун киве вахъарав?

НЕЛЕ́ГКИЙ, -ая, -ое 1) (*трудный*) захIматаб 2) (*тяжелый*) бакIаб

НЕЛЕГКО́ 1. *нареч.* захIматго, бакIго, хIалица; **ему́ ~ дала́сь э́та зада́ча** захIматго тIубазабуна гьес гьеб масъала **2.** *в знач. сказ. безл.* бигьа гьечIо, захIматго буго; **ему́** ~ досие бигьаго гьечIо; **идти́ туда́** ~ доре ине захIматго буго

НЕЛЕ́ПО 1. *нареч.* ахIмакъго, гIантго, магIна гьечIого **2.** *в знач. сказ. безл.* магIна гьечIого, гIантго буго

НЕЛЕ́ПОСТЬ *ж* 1) (*бессмысленность*) ахIмакълъи, магIна гьечIолъи 2) (*нелепый поступок*) магIна гьечIеб, ахIмакъаб иш

НЕЛЕ́ПЫЙ, -ая, -ое 1) (*бессмысленный*) ахIмакъаб, гIантаб, магIна гьечIеб; ~ **отве́т** ахIмакъаб жаваб 2) (*несуразный*) бихьизе сурукъаб, сипат гьечIеб; ~ **вид** бихьизе сурукъаб сипат

НЕЛЕ́СТНЫЙ, -ая, -ое рекъечIеб; хъинтIулеб; ~ **о́тзыв** рекIекълъизарулеб къимат

НЕЛЁТН//ЫЙ, -ая, -ое: **~ая пого́да** самолёт боржунареб гьава-бакъ

НЕЛИ́ ШНЕ *нареч. в знач. сказ. с неопр.* гIадада букIинаро, квеш ккеларо, лъикI букIина; ~ **отметить, что …** квеш букIинаро бихьизабизе…

НЕЛИ́ ШНИЙ, -яя, -ее къваригIел гьечIеб гуреб, тIокIаб гуреб, къваригIунеб

НЕЛО́ВК//ИЙ, -ая, -ое 1) (*неуклюжий*) лебаллъи, тулаклъи гьечIеб, хIинцаб 2) (*неудобный*) санагIалъи гьечIеб; **стоя́ ть в ~ой позе** санагIалъи гьечIеб куцалда чIезе 3) (*затруднительный*) захIматаб, рекъечIеб; **попа́сть в ~е положе́ние** захIматаб хIалалде ккезе

НЕЛО́ВКО 1. *нареч.* 1) (*неуклюже*) къагIида гьечIого, лазат бахъараб куцалда; хIинцго, тирилъи гьечIого; ~ **спры́гнуть с ло́шади** тирилъи гьечIого, чодаса гъоркье кIанцIизе 2) (*неудобно*) санагIалъи гьечIого; ~ **сесть** санагIалъи гьечIого, гIодов чIезе 3) (*стеснительно*): ~ **чу́вствовать себя́** ~ къагIида гьечIого, нечон вукIине **2.** *в знач .сказ. безл.* **мне ~ говори́ть об э́том** дица гьелъул хIакъалъулъ бицине рекъон гьечIо; **на э́том дива́не мне** ~ гьаб диваналда дие санагIалъи гьечIо

НЕЛО́ВКОСТЬ *ж* 1) (*неуклюжесть*) лебаллъи гьечIолъи, тувадахълъи; хIинцлъи 2) (*неудобство*) санагIалъи гьечIолъи 3) (*стеснение*) нечей; **чу́вствовать** ~ нечон вукIине 4) (*поступок*) рекъечIеб иш, *гьединго* абураб ргIи

НЕЛОГИ́ ЧНОСТЬ *ж* магIна гьечIолъи, логика гьечIолъи

НЕЛОГИ́ЧНЫЙ, -ая, -ое магIна гьечIеб, логика гьечIеб; ~ **посту́пок** магIна гьечIеб, данде кколареб иш

НЕЛОЯ́ ЛЬНЫЙ, -ая, -ое хIукмаби, законал *ва гь.ц.* хвезарулев; ~ **челове́к** законазухъ гIин тIамуралев чи

НЕЛЬЗЯ́ *нареч. в знач. сказ. с неопр. 1) (невозможно)* бегьуларо, рес гьечIо; **здесь ~ чита́ть, сли́ шком темно́** гьаниб цIализе бегьуларо, цIакъ бецIго буго 2) (*недопустимо*) биччалоро, гьукъула, толаро; **здесь шуме́ть** ~ гьанир хъудизе толаро; **ему́** ~ **кури́ть** досие хъалиян цIазе гьукъун буго; ~ **теря́ть вре́мени** заман гIадада хвезабизе бегьуларо ◊ **как ~ лучше** кидаго ялдаса лъикI; ~ **ли?** бегьилародай? ~ **сказа́ть, что́ она́ была́ краси́ва** гьей берцинай йикIанилан абизеги бегьиларо

НЕЛЮБЕ́ЗНЫЙ, -ая, -ое адаб–хIурмат гьечIеб, хъачIаб; ~ **отве́т** хъачIаб жаваб; ~ **приём** хIурмат гьечIеб кьабулгьари

НЕЛЮБИ́ М//ЫЙ, -ая, -ое вокьуларев, рокьукъав, рихарав; **~ое заня́тие** бокьулареб иш

НЕЛЮБО́ВЬ *ж* рихин,рокьукълъи, рокьи́ гьечIолъи, бокьунгутIи

НЕЛЮБОПЫ́ТНЫЙ, -ая, -ое 1) (*лишенный любознательности*) цIияб лъазе гIамал гьабуларев 2) (*неинтересный, заурядный*) жинде интерес базабулареб, гIадатияб

НЕЛЮДИ́М *м* гIадамаздаса нахъе кIанцIун чIарав, тIурузав чи

НЕЛЮДИ́ МЫЙ, -ая, -ое 1) (*избегающий общения*) гIадамалгун гъорлъ восун вукIунарев 2) (*безлюдный*) гIадамал гьечIеб, чIобогояб (*бакI)*

НЕМ *мест. личн. предл. п. от* **он, оно́**

НЕМА́ЛО *нареч.* гIезегIан, гIурабгIан, дагьаб гуро; **он перечита́л ~ книг** дос гIезегIан тIахьал цIалана; **он ~ по́жил** дос гIумруялъул дагьал сонал рачIо

НЕМАЛОВА́ЖН//ЫЙ, -ая, -ое кIвар кIудияб, гIезегIан кIвар бугеб, кIвар цIикIкIараб; **~ая причи́на** гIезегIан кIудияб гIилла

НЕМА́Л//ЫЙ, -ая, -ое гIемераб, гIезегIанаб, лъикIалангояб, дагьаб гьечIеб; **мы прошли́ ~ый путь** нижеца нахъа тана дагьаб гьечIеб нух; **заплати́ ть ~ые де́ньги** гIезегIан гIарац кьезе

НЕМА́РК//ИЙ, -ая, -ое чороклъулареб, гIорогунареб, гъизунареб; **~ая мате́рия** хехго чороклъулареб ххам

НЕМАТЕРИА́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое *филос.* материалияб гуреб, рухIияб; гIарцул, буголъиялъул интерес гьечIеб

НЕМЕ́ДЛЕННО *нареч.* хехго, нахътIамичIого, нахъбахъичIого, гьабсагIатго

НЕМЕ́ДЛЕННЫЙ, -ая, -ое хехаб, нахътIамичIеб; ~ **отве́т** хехаб жаваб

НЕМЕ́ДЛЯ *нареч.* хехго, нахътIамичIого, нахъбахъичIого

НЕМЕ́РКНУЩ//ИЙ, -ая, -ее 1) даим кунчIараб, сунареб; **~ий свет** сунареб канлъи 2) *перен. (неослабевающий*) загIиплъулареб, дагьлъулареб, кIочонареб; **~ая сла́ва** кIочонареб машгьурлъи, рецц-бакъ

НЕМЕТА́ЛЛЫ *мн.* (*ед.* **неметалл** *м*) металлал гурел элементал: кислород, чIабатI, фосфор

НЕМЕ́//ТЬ *несов.* 1) мацI кIочон тезе, кIал-мацI ккевезе; **~ть от восто́рга** вохиялъ мацI кIочон тезе 2) (*цепенеть*) хъегъезе, гIунизе, собозе, агълъизе, цIулгIазе; **у меня́ па́льцы ~ют от хо́лода** квачаялъ дир килщал цIулгIалел руго

НЕ́МЕЦ *м* немцав

НЕМЕ́ЦКИЙ, -ая, -ое немцазулаб; ~ **язы́ к** немец мацI

НЕМИЛОСЕ́РДНО *нареч.* 1) *уст. (жестоко*) рахIму-цIоб тун, гурхIел гьечIого; **поступи́ ть** ~ рахIму тун, иш гьабизе 2) *перен. (чрезмерно)* цIакъ кутакалда, цIакъ лъикI; ~ **печёт со́лнце** бакъ цIакъ кутакалда (гурхIел тун) багIарулеб буго

НЕМИЛОСЕ́РДН//ЫЙ, -ая, -ое 1) *уст. (жестокий*) рахIму, цIоб тараб, гурхIел гьечIеб; **~ый посту́пок** цIоб гьечIеб иш 2) *перен. (чрезмерный*) кутакаб, гIурхъулъа борчIараб; **~ая жара́** кутакаб багIари

НЕМИ́ЛОСТ//Ь *ж* вокьунгутIи, рихин, рекIее гIунгутIи (*щивниги, щибниги*); **быть в ~и** *лъиданиги* рихараб хIалалда вукIине, *лъилниги* цIоб гьечIолъиялде ккезе

НЕМИ́ ЛЫЙ, -ая, -ое вокьуларев, рихарав

НЕМИНУ́ ЕМ//ЫЙ, -ая, -ое жиндаса рорчIулареб, гьоркьоб тезе рес гьечIеб; чара гьечIеб; **э́то ~ое собы́тие** гьеб жиндаса рорчIулареб лъугьа-бахъин буго; **~ая встре́ча** чара гьечIеб дандчIвай; **спасти́ сь от ~ой сме́рти** чара гьечIеб хвалдаса хвасарлъизе

НЕ́МКА *ж* немцай

НЕМНО́ГИЕ *мн.* цодагьал, дагьал, дагьа-макъал; **об э́ том зна́ют** ~ гьелъул хIакъалъулъ дагьазда лъала; ~ **верну́лись домой** дагьал тIад руссана рокъоре

НЕМНО́ГО *нареч.* цо чанго, дагь, дагьаб; **вре́мени оста́лось** ~ заман дагьаб хутIана; ~ **уста́ть** дагьав сваказе

НЕМНОГОСЛО́ВНЫЙ, -ая, -ое 1) (*краткий*) къокъаб, гIемер ргIи гьечIеб; ~ **отве́т** къокъаб жаваб 2) (*о человеке*) къокъго жиндирго пикраби загьир гьарулев, гIемер кIалъазе бокьуларев (*чи*)

НЕМНОГОЧИ́СЛЕНН//ЫЙ, -ая, -ое цодагьаб, дагьаб, гIемераб гуреб; ~ **отря́д** гьитIинаб къокъа; **~ая семья́** гьитIинаб, гIемер чи гьечIеб хъизан

НЕМНО́ЖКО *нареч. разг.* цодагьаб

НЕМНУ́ ЩИЙСЯ (*о ткани*) букIкIунареб

НЕМО́ЖЕТСЯ *несов. безл. кому разг.*: **мне** ~ дун кIоларого, сах гьечIого вуго

НЕМ//О́Й, -ая, -ое **1.** 1) мацI лъаларев; гандарияв; **~о́й от рожде́ния** гьавуралдаса гандарияв вуго 2) *перен.* сасараб, сихI къотIараб, гьаракь къотIараб; **~о́й вопро́с** кIалъачIого кьолеб суал **2.** *в знач. сущ.* **~о́й** *м* мацI лъаларев **3.** *в знач. сущ.* **~ая** *ж* мацI лъала-

рей ◊ **~а́я ка́рта** *геогр.* тIад цIарал гьечIеб цIалул карта; **~о́й фильм** гьаракь гьечIеб фильм

НЕМОЛОДО́Й, -ая, -ое гIурав, балугълъиялде вахарав; гьоркьохъеб ригьалъул (*чи*), гIолохъанав гурев (*чи*)

НЕМОТА́ *ж* мацI лъангутIи, кIалъазе лъангутIи

НЕ́МОЧЬ *ж разг. см.* **не́мощь** ◊ **бле́дная ~** *мед. уст. гIолохъанал ясазул букIунеб* би дагьлъиялъул унти; **чёрная ~** кIотадул унти (эпилепсия)

НЕ́МОЩНЫЙ, -ая, -ое унтарав, загIипав; хIал дагьаб, хIал гьечIеб, азараб; **~ ста́рец** загIипав херав

НЕ́МОЩЬ *ж* унти, кIоларого рукIин, загIиплъи, азин

НЕМУ´ *мест. личн. дат. п. от* **он, оно́**

НЕМУДРЕНО́ *нареч.* гIажаиблъи гуро, тамашалъи гьабизе ккараб жо гьечIо; **~, что он э´ того не зна́ет** гьесда гьеб лъангутIи тамашалъи кьабизе ккараб жо гуро

НЕМУДРЁН//ЫЙ, -ая, -ое гIадатаб, бигьаяб; **~ая зада́ча** бигьаяб масъала

НЕМУЗЫКА́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое музыкалияб гуреб, музыкаялъе гьунар гьечIев

НЕ́МЦЫ *мн.* немцал

НЕМЫ́СЛИМЫЙ, -ая, -ое гIадатияб гуреб, цебе чIезабизе захIматаб, божизе кIоларе6

НЕНАБЛЮДА́ТЕЛЬНОСТЬ *ж* тохал гьечIолъи, хал ккунгутIи, хал кквезе гьунар гьечIолъи, хал ккун бажарунгутIи

НЕНАБЛЮДА́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое хал кквезе гьунар гьечIев

НЕНАВИ́ДЕТЬ *несов. кого-что щивниги, щибниги* рихине; рокьукълъи бижизе, бокьунгутIизе

НЕНАВИ´ СТНЫЙ, -ая, -ое рихараб, рокьукъаб, бокьулареб; **~ взгляд** рокьукъаб балагьи

НЕ́НАВИСТЬ *ж* рихин, рокьукълъи, тушманлъи; **пита́ть ~** *к кому-л. лъидехунниги* тушманлъи букIине

НЕНАГЛЯ´ ДН//ЫЙ, -ая, -ое **1.** бокьулеб, хирияб, балагьун бер гIорцIулареб **2.** *в знач. сущ.* **~ый** *м* вокьулев, хирияв **3.** *в знач. сущ.* **~ая** *ж* йокьулей, хирияй

НЕНАДЁВАННЫЙ, -ая, -ое *разг. см.* **нено́шенный**

НЕНАДЁЖНОСТЬ *ж* 1) божизе бегьунгутIи; **~ хара́ктера** гIамалалъул божизе бегьунгутIи 2) (*непрочность*) загIиплъи, щулалъи гьечIолъи; **~ льда на реке́** гIорда цIорол загIиплъи

НЕНАДЁЖН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*не внушающий доверия*) божизе бегьулареб; **~ое сре́дство** божизе бегьуларе6 дарман (дару); **~ый челове́к** божизе захIматав чи 2) (*непрочный*) чIемегIаб, щулияб гуреб, загIипаб; **~ый мост** чIимигIаб кьо

НЕНА́ДОБНОСТЬ *ж* кьваригIун гьечIолъи, хIажат гьечIолъи, кьваригIунгутIи; **вы́бросить за ~ю** хIажат гьечIелъул нахъе (добахъа) рехизе

НЕНАДО́ЛГО *нареч.* дагьаб мехалъ, къокъаб заманалъ; **уе́хать ~** къокъаб заманалъ нахъе ине

НЕНАКАЗУ´ ЕМОСТЬ *ж* тамихI гьабунгутIи

НЕНАКАЗУ´ ЕМЫЙ, -ая, -ое тамихI гьабулареб, гьабизе кколареб; **~ посту́пок** тамихI гьабулареб иш

НЕНАМЕ́РЕННЫЙ, -ая, -ое хIисабалде босичIого, гьабураб, гьабулеб; хIисабалде босичIеб; ургъичIого гьабураб, ккараб

НЕНАПАДЕ́НИ//Е *с* тIаде кIанцIунгутIи, (*къотIи гьабулел пачалихъаз*) цоцаздехун тушманал ишаздаса инкар гьаби; **догово́р о ~и** тIаде кIанцIунгутIиялъул хIакъалъулъ къотIи

НЕНАРО́КОМ *нареч. разг.* лъачIого, ракIалдаго гьечIого; **зайти´** *куда-л. ~ кирениги* ракIалда гьечIого, ине (жанире лъугьине)

НЕНАРУШИ´ МЫЙ, -ая, -ое биххулареб, биххи гьечIеб; хисулареб; хвезабулареб; **~ поко́й** хисулареб гIодобе биччай, сасин

НЕНА́СТНЫЙ, -ая, -ое роччараб, кьерхараб; **~ день** роччараб къо

НЕНАСТОЯ´ ЩИЙ, -ая, -ое унго-унгояб гуреб, релъълъинабун гьабураб

НЕНА́СТЬЕ *с* роччен, кьерхен; **осе́ннее ~** хасалихълъиялъул кьерхен

НЕНАСЫ́ТН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*прожорливый*) гIорцIулареб, гIорцIизабизе кIоларе6, гIорцIи лъаларе6; **~ый зверь** гIорцIулареб жанавар 2) *перен. (жадный)* хъантIараб

НЕНАСЫ́ЩЕННЫЙ, -ая, -ое *хим. (кинаб букIаниги бутIаялъул)* бегьулебгIан къадар жиндилъ гьечIеб; **~ раство́р** *цоябниги бутIаялъул* бегьулебгIан къадар жиндилъ гьечIеб раствор; дагьаб къадаралда жинда гьорлъ билъараб

НЕНАТУРА́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое 1) тIабигIаталда бугелда релълъун, гIадамас ургъун гьабураб; **~ шёлк** искусственнияб чиллай (дарай) 2) (*неестественный*) тIабигIияб гуреб

НЕНАУ´ЧНЫЙ,, -ая, -ое гIелмияб гуреб, гIелмуялда данде кколареб

НЕНАХО́ДЧИВЫЙ, -ая, -ое хIажатаб ишалъе хехаб ва битIараб нух батуларев, хехго тIаде кколарев

НЕ́НЕЦ *м* ненцав

НЕ́НЕЦКИЙ, -ая, -ое ненцазулаб; **~ язы´к** ненцазул мацI

НЕ́НКА *ж* ненцай

НЕНОРМА́ЛЬНОСТ//Ь *ж* 1) (*отклонение от нормы*) гIадаталдаса бахъи, букIине кколеб гIадаб букIунгутIи; **~ь разви́тия** цебетIеялъулъ гIадаталдаса бахъи 2) (*ненормальное явление*) данде кколареб, тIад рекъезе бегьуларе6, нормаялдаса бахъараб лъугьа-бахъин; **искорени́ть ~и в рабо́те** хIалтIулъ гIадатияб гуреб хIал тIагIинабизе, лъугIизабизе

НЕНОРМА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое **1.** 1) (*отступающий от нормы*) гIадатиялда данде кколареб, букIине кколедаса батIияб; **~ая толщина́** гIадатияб гуреб, данде кколареб бицалъи 2) *разг. (психически больной*) бетIер сверарав, гIакълу гьечIев, гIадалав **2.** *в знач. сущ.* **~ый** *м* гьагав **3.** *в знач. сущ.* **~ая** *ж* гьагай

НЕНОРМИ´ РОВАННЫЙ, -а, -ое нормаялде (роценалде) босизе кколареб, нормаялда бухьинчIеб, *гьелъ* чIезабулареб; **~ труд** роцен (норма) чIезабичIеб захIмат (хIалтIи); нормаялъ борцунареб

НЕНО́ШЕН//ЫЙ, -ая, -ое ретIинчIеб, цIияб; **~ая о́бувь** ретIинчIел (цIиял) хьитал, хIатIидажал

НЕНУ´ ЖНЫЙ, -ая, -ое къваригIунареб, хIажат гьечIеб, пайда гьечIеб, кIваричIеб

НЕО- *журарал рагIабазул* "цIияб" *абураб магIна бугеб тIоцебесеб бутIа, мас.*: **неоколониали´зм** цIияб колониализм; **неологи´зм** цIияб рагIи

НЕОБДУ´ МАННО *нареч.* ургъичIого

НЕОБДУ´ МАННОСТЬ *ж* ургъичIолъи, ургъунгутIи

НЕОБДУ´ МАНН//ЫЙ, -ая, -ое ургъичIеб, ургъичIого гьабураб; **~ое реше́ние** ургъичIого гьабураб хIукму; **~ отве́т** ургъи-чIого кьураб жаваб

НЕОБЕСПЕ́ЧЕННОСТЬ *ж* 1) (*чем-л.*) ресукълъи; хIажалъи; **~ сырьём** сырьёялдалъун (гъарсиялдалъун) хьезабунгутIи 2) (*бедность*) мискинлъи

НЕОБЕСПЕ́ЧЕННЫЙ, -ая, -ое 1) (*о людях*) ресукъав, рес гьечIев 2) *фин.* гIарац гьечIеб, гIарцуца хьезабичIеб

НЕОБИТА́ЕМЫЙ, -ая, -ое гIадамаз гIумру гьабулареб; **~ о́стров** гIадамаз гIумру гьабулареб (гIадамал гьечIеб) чIин-кIиллъи

НЕОБЛАГА́ЕМ//ЫЙ, -ая, -ое тIад налог лъолареб; **~ые дохо́ды** налог (магъало) тIад лъоларел хайирал

НЕОБМОЛО́ЧЕННЫЙ, -ая, -ое ххинчIеб

НЕОБНАРО́ДОВАННЫЙ, -ая, -ое халкъалда лъазабичIеб, рагIизабичIеб

НЕОБОЖЖЁНН//ЫЙ, -ая, -ое бухIичIеб, бежичIеб; **изде́лия из ~ой гли´ ны** бежичIеб хIатIул гьарурал тIагIелал

НЕОБОЗНА́ЧЕННЫЙ, -ая, -ое гIуж бачIеб, гIаламат гьабичIеб

НЕОБОЗРИ́М//ЫЙ, -ая, -ое балагьун бер щолареб, рагIаракьан гьечIеб; **~ые поля´** рагIа-ракьан гьечIел хурзал (авлахъал)

НЕОБОСНО́ВАННОСТЬ *ж* кьучI гьечIолъи, хIужжа гьечIолъи

НЕОБОСНО́ВАННЫЙ, -ая, -ое кьучI гьечIеб, хIужжа гьечIеб, ракIалде кковухъе гьабураб; **~ упрёк** кьучI гьечIеб бадибчIвай

НЕОБРАБО́ТАНН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*невозделанный*) хIалтIун къачIачIеб, хъулухъ гьабичIеб; **~ая земля´** хIалтIун къачIачIеб ракь 2) *перен.* ахиралде щвезабичIеб, къачIан бахъинчIеб, хIадурараб куц гьечIеб; **~ая статья´** къачIан бахъинчIеб статья, тIад хIалтIи гьабичIеб статья (макъала)

НЕОБРАЗО́ВАННОСТЬ *ж* лъай гьечIолъи, гIураб лъай гьечIолъи

НЕОБРАЗО́ВАННЫЙ, -ая, -ое гIураб лъай гьечIев, щвечIев; **~ челове́к** лъай гьечIев чи

НЕОБРАТИ́ М//ЫЙ, -ая, -ое гъобго нухдасан цебе тIезе, цIидасан такрарлъизе рес гьечIеб; **~ая реа́кция** *хим.* цIидасан так-рарлъуларе реакция

НЕОБРЕМЕНИ́ ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое бигьаяб, захIмалъулареб, гIакъуба бихьизабулареб; **~ая про́сьба** тIубазабизе бигьаяб гьари

НЕОБУ́ ЗДАННЫЙ, -ая, -ое гIурхъи чIвачIеб; квелъ бачIого, биччараб; квегъизе кIолареб, цIакъго гучаб; **~ нрав** гIорхъолъа борчIараб гIамал-хасият

НЕОБУ́ ТЫЙ, -ая, -ое хьитал ретIинчIев, хIатIида гIицIав

НЕОБУ́ЧЕННЫЙ, -ая,-ое ругьун гьабичIеб, малъун куцачIеб

НЕОБХОДИ́МО *в знач. сказ. с неопр.* къваригIуна, хIажалъула, ккола; **~ приня́ть ме́ры** тадбирал гьаризе ккола; **кра́йне ~** чара гьечIого хIажалъула

НЕОБХОДИ́МОСТ//Ь *ж* чара гьечIого къваригIин, букIинчIого рес гьечIолъи; **в слу́чае ~и** нагагь хIажалъани; **нет ~и** хIажалъи гьечIо; **предме́ты пе́рвой ~и** тIоцебесеб хIажалъиялъул тIагIел-гIучI

НЕОБХОДИ́М//ЫЙ, -ая, -ое **1.** 1) (*нужный*) чара гьечIого къваригIуneб, цIакъ хIажатаб; **~ый инструме́нт** чара гьечIого къваригIуneб тIагIел 2) (*неизбежный*) букIине кколеб, тIадаб, гьечIого гIолареб; **сде́лать ~ые вы́ воды** рукIине кколел хIасилал гьаризе **2.** *в знач. сущ.* **~ое** *с* къваригIараб, хIажатаб; **взять с собо́й всё ~ое** кинабго къваригIараб жидедаго цадахъ босизе

НЕОБХОДИ́ ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое хъачIав, кIалъазе лъалаpев

НЕОБЩИ́ТЕЛЬНОСТЬ *ж* гьорлъ восунгутIи, жувангутIи, тIуруздъи; **отлича́ться ~ю** гьорлъ восунгутIиялдалъун батIияв вукIине; живго жиндиего гIезе

НЕОБЩИ́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое гаргадизе бокъуларев, гьорлъ восичIев, живго жиндиего гIурав, тIурузав; **быть ~ым** ватIа тIуравлъун, гьорлъ жуваларевлъун вукIине

НЕОБЪЕ́ЗЖЕНН//ЫЙ, -ая, -ое квегъичIеб; **~ая ло́шадь** квегъичIеб, рекIун ругьун гьабичIеб чу

НЕОБЪЕКТИ́ ВНЫЙ, -ая, -ое хIакъикъалда данде ккола-реб; мекъаб; объективияб гуреб

НЕОБЪЯСНИ́М//ЫЙ, -ая, -ое баян гьабун, бажарулареб, бичIчIизабизе кIолареб; **~ое явле́ние** баян гьабун бажарулареб лъугьа-бахъин

НЕОБЪЯ́ТН//ЫЙ, -ая, -ое 1) балагьун бер щолареб, гIурхъи гьечIеб, ргIа-ракьан гьечIебгIан кIудияб; **~ая страна́** цIакъ кIудияб улка 2) (*о силе, даровании*) цIакъ кIудияб, гIорхъолъа борчIараб

НЕОБЫКНОВЕ́ННО 1. *нареч. (очень)* цIакъ, хIикматго, тамашаго **2.** *в знач. сказ. (удивительно)* тамшаяб куцалъ, нагагьги букIунареб хIалалъ буго, тамашаго буго

НЕОБЫКНОВЕ́НН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*незаурядный, исключительный*) гIадаталдаса бахъараб, батIияб; **~ый слу́чай** гIадатияб гуреб лъугьа-бахъин; **же́нщина ~ой красоты́** къанагIатаб, гIажаибаб берцинлъиялъул чIужугIадан 2) (*необычный*) тамашаяб

НЕОБЫЧА́ЙНО *нареч.* гIадатаб гуреб куцалъ, тамашаяб къагIидаялъ, тамашаго, хIикматго, гIажаибго

НЕОБЫЧА́ЙНОСТЬ *ж* тамашалъи, хIикмалъи

НЕОБЫЧА́ЙНЫЙ, -ая, -ое гIажаибаб, тамашаяб, хIикматаб

НЕОБЫ́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое гIадатияб гуреб, гIадаталдаса бахъараб; **~ый челове́к** гIадатияв гурев чи; **в ~ое вре́мя** гIадатаб гуреб (цогиялдаса батIияб) заманалда

НЕОБЯЗА́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое тIадаб гуреб, тIадаблъун гьечIеб, тIадаблъун ккола-реб; **~ курс ле́кций** лекциязул тIадаб гуреб курс (*гIенеккизе, лъазабизе*)

НЕОГРАНИ́ЧЕННО *нареч.* гIатIидго, гIурхъи чIвачIого

НЕОГРАНИ́ ЧЕНН//ЫЙ, -ая, -ое гIатIидаб, *сунцаниги* къварид гьабичIеб, гIурхъи чIвачIеб, цIакъ кIудияб; **~ые возмо́жности** цIакъ кIудиял ресал; **~ые полномо́чия** (*лъцениги кьурал*) кIудиял, гIемерал, гIурхъи чIвачIел ихтиярал

НЕОДЕ́ТЫЙ, -ая, -ое тIад ретIел ретIинчIев, толохIочарав

НЕОДИНА́КОВЫЙ, -ая, -ое цогидазда релъльинчIеб, цого гIадаб гуреб, батIияб

НЕОДНОЗНА́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое батIа-батIайса бичIчIизе бегьулеб, цокIаллъи гьечIеб

НЕОДНОКРА́ТНО *нареч.* чанго нухалъ; **~ повтори́ ть** чанго нухалъ такрар гьабизе

НЕОДНОКРА́ТН//ЫЙ, -ая, -ое чанго нухалъ гьабулеб, лъугьунеб; **~ый чемпио́н** чанцIулго (вахъарав) чемпион; **~ые напомина́ния** чанцIулго гьарулел ракIалдещвезариял

НЕОДНОРО́ДН/ЫЙ, -ая, -ое цо тайпаялъул гуреб, ре-лъльинчIеб, батIи-батIияб; **~ые явле́ния** цоцазда релъльинчIел лъугьа-бахъинал

НЕОДОБРЕ́НИЕ *с лъилниги* ишазда разилъунгутIи, *гьел* тIекъаллъун рихьизари, каки; **вы́сказать своё ~** жиндирго разилъунгутIи загьир гьабизе

НЕОДОБРИ́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое лъикIаблъун рикIкIунареб, лъикIаб гуреб; тIекъаблъун бихьизабураб; **~ая улы́бка** разилъичIеб гьими; **~ый взгляд** разияб гуреб бербалагьи; **~ая оце́нка** лъикIаб гуреб, тIад рекъезе бегьуларе къимат

НЕОДОЛИ́МО *нареч.* бергьунаредухъ, къезабизе кIоларедухъ, гъоркье кколаредухъ

НЕОДОЛИ́ М//ЫЙ, -ая, -ое жиндаса бергьунареб, къей гьечIеб, гъоркье кколареб; **~ая си́ ла** къезабизе, къуркьизабизе кIолареб къуват

НЕОДУШЕВЛЁНН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*неживой*) чIагояб гуреб, рухI гьечIеб; **~ый предме́т** рухI гьечIеб предмет 2) *грам.*: **~ое и́ мя существи́ тельное** рухI гьечIеб предметияб цIар

НЕОЖИ́ДАННО *нареч.* циндаго, ракIалда гьечIого

НЕОЖИ́ДАННОСТЬ *ж* циндаго лъугьин, ракIалда гьечIолъи, цебеккунго лъангутIи; **э́ то для нас не́ было ~ю** гьеб нижее ракIалда гьечIеб (цIияб) жолъун букIинчIо

НЕОЖИ́ДАННЫЙ, -ая, -ое жиндихъ балагьун рукIинчIеб, ракIалда букIинчIеб, цебеккунго лъалеб букIинчIеб, тохлъукье, циндаго ккараб; **~ гость** ракIалдаго вукIинчIев (ракIалда гьечIого, вачIарав) гьобол; **~ дождь** балилан ккечIеб, ракIалдаго букIинчIеб, тохлъукье бараб цIад; **приня́ть ~ оборо́т** ракIалда букIинчIеб хиси ккезе, ракIалда букIинчIеб рахъалде сверизе

НЕОКОЛОНИАЛИ́ЗМ *м* цIияб колониализм (*колониализ гIуцIи биххулел шартIазда империалистиял пачалихъазул политикиялъул цIиял къагIидаби*)

НЕОКОНЧА́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое ахирисеб гуреб, тIарамагъадисеб гуреб

НЕОКО́НЧЕННЫЙ, -ая, -ое лъугIичIеб, ахиралде щвечIеб, тIубачIеб, тIубан бахъинчIеб; **~ разгово́р** лъугIичIеб калам (хабар, кIалъай)

НЕОЛИ́ Т *м археол.* неолит (*ганчIил векалъул кватIараб заман*)

НЕОЛОГИ́ ЗМ *м лингв.* неологизм (*мацIалда жаниб лъугьараб цIияб ргIи яги ргIул гIуцIи*), цIияб ргIи

НЕО́Н *м* неон *(хим. элемент, газ*)

НЕО́НОВЫЙ, -ая, -ое неоналъул(аб); **~ свет** неоналъул канлъи

НЕОПА́СН//ЫЙ, -а, -ое хIинкъи гьечIеб, кIудияб зарал, зиян кьолареб; **~ая ра́на** гIумруялъе хIинкъи гьечIеб ругъун; **~ый проти́ вник** хIинкъи гьечIев дандеяв (тушман)

НЕОПЕРИ́ВШИЙСЯ, -аяся, -ееся 1) (*о птенцах*) хIули бижун бахъинчIеб, хIебдарас гьинчIеб (*мIинчI)* 2) *перен. разг.* гIумру лъаларев, хIалбихьи гьечIев (*гIолилав*); **~ ю́ ноша** жеги куркьбал щулалъичIев, гIумру лъаларев гIолилав

НЕОПИСУ́ ЕМ//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*не поддающийся описанию*) ргIабаздалъун жиндир сурат гьабун бажарулареб, цебе чIезабизе кIолареб 2) *перен. (чрезвычайный)* бицун хIал кIолареб, цIакъ кутакаб; **~ая ра́дость** цIакъ кутакаб рохел

НЕОПЛА́ТН//ЫЙ, -ая, -ое бецIун хIал кIолареб, бецIун бажарулареб; **~ый долг** бецIизе кIолареб налъи; **быть в ~ом долгу́** бецIизе хIал кIолареб налъукь вукIине; **~ый должни́к** налъи бецIизе рес гьечIев налъулав

НЕОПЛА́ЧЕННЫЙ, -ая, -ое бецIичIеб, нахъбуссинабичIеб

НЕОПО́ЗНАННЫЙ, -ая, -ое лъачIеб, лъан бахъинчIеб

НЕОПРА́ВДАНН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*необоснованный*) кьучI гьечIеб,хIужжа, гIилла гьечIеб; **~ое обвине́ние** кьучI гьечIеб гIайиб гIунтIизаби 2) (*нецелесообразный*) мурадалда данде ккола-реб; **~ый расхо́д** мустахIикъаб гуреб харж (харж гьаби)

НЕОПРЕДЕЛЁННОСТЬ *ж* 1) (*неясность*) баянлъи, мухIканлъи гьечIолъи 2) (*неопределенное положение*) баянлъи гьечIеб (мухIканлъи лъалареб) хIал

НЕОПРЕДЕЛЁНН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*точно не установленный*) баянго, мухIканго чIезабичIеб; **челове́к ~ых заня́тий** цо хасаб иш жиндир гьечIев чи 2) (*уклончивый*) баянлъи гьечIеб,бабадизабураб; **~ый отве́т** баянлъи гьечIеб жаваб ◊ **~ая фо́рма глаго́ла** *грам.* глаголалъул мурадияб форма; **~ые местоиме́ния** баянлъи гьечIел цIарубакIал

НЕОПРОВЕРЖИ́МЫЙ, -ая, -ое нахъ чIвазе кIолареб, нахъ чIвазе рес гьечIеб, инкар гьабизе рес гьечIеб; божулеб, дагIба ккезабулареб; **~ факт** нахъ чIвазе кIолареб хIужжа

НЕОПРЯ́ТНОСТЬ *ж* рацIцIа-ракъалъи гьечIолъи, хъублъи, чороклъи, вакIа-вахари гьечIолъи

НЕОПРЯ́ТНЫЙ, -ая, -ое низам гьечIеб, чорокаб, гIорогараб, бичча-бихъан тараб; **~ вид** бегI гьечIеб куц-мухъ; бегI гьечIеб, кIвар гьечIого, гьабураб

НЕОПУБЛИКО́ВАННЫЙ, -ая, -ое басмаялда кьабичIеб, печаталда бахъичIеб

НЕО́ПЫТНОСТ//Ь *ж кинаб букIаниги пишаялда, махщелалда* гIураб хIалбихьи, лъай, ругъунлъи гьечIолъи; **по ~и** хIалбихьи гьечIолъиялъ

НЕО́ПЫТНЫЙ, -ая, -ое (*не имеющий опыта*) *кинаб букIаниги пишаялда, махщелалда* гIураб хIалбихьи, лъай, ругъунлъи гьечIеб

НЕОРГАНИЗО́ВАННОСТЬ *ж* гIуцIи гьечIолъи, гIадлунизам гьечIолъи

НЕОРГАНИЗО́ВАНН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*беспорядочный*) гIуцIи (план), гIадлу-низам гьечIеб; **~ая борьба́** гIадлу гьечIеб, ургъичIеб къеркьей 2) (*не входящий в организацию*) цониги гIуцIиялда, цолъиялда гьоркьобе унареб; **~ое населе́ние** цониги гIуцIиялда гьоркьобе унареб халкъ; гIадлу гьечIеб халкъ

НЕОРГАНИ́ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое 1) (*неживой*) чIагояб гуреб, рижулел жалазул яги рухIчIаголъабазул тIабигIаталда гьоркьобе унареб; **~ая приро́да** чIагояб гуреб табигIат 2) (*изучающий неживую природу*) чIагояб гуреб тIабигIат лъазабулеб

НЕОРДИНА́РН//ЫЙ, -ая, -ое гIадатияб гуреб, машгьураб

НЕОСВЕДОМЛЁННОСТЬ *ж сундулниги хIакъалъулъ* лъай, баянал гьечIолъи; **~ в вопро́сах иску́сства** искусствоялъул суалазулъ лъай, бичIчIи гьечIолъи

НЕОСВЕДОМЛЁННЫЙ, -ая, -ое *сундулниги хIакъалъулъ* лъай, баянал гьечIеб

НЕОСЕ́ДЛАНН//ЫЙ, -ая, -ое кьолочIеб, кьили лъечIеб; **~ая ло́шадь** кьили лъечIеб (кьолочIеб) чу

НЕОСЕ́ДЛЫЙ, -ая, -ое цо бакIалда рукъ ккун чIечIеб (*гIумру*)

НЕОСЛА́БНЫЙ, -ая, -ое чучулареб, гьоркьоса къотIулареб; **~ контро́ль** гьоркьоса къотIулареб хъаравуллъи (халгъаби)

НЕОСМОТРИ́ТЕЛЬНО *нареч.* ургъичIого, хIасилалъул хIисаб гьабичIого; **~ обеща́ть** *что-л.* ургъичIого *сундуениги* ргIи кьезе

НЕОСМОТРИ́ТЕЛЬНОСТЬ *ж* ургъунгутIи, хIасилалъул хIисаб гьабунгутIи, цеве-нахъе валагьунгутIи

НЕОСМОТРИ́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое ургъичIого гьабураб, хIасилалъул хIисаб гьабулареб; **~ посту́пок** ургъичIого гьабураб иш

НЕОСНОВА́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*необоснованный*) гIураб кьучI гьечIеб, мухIканаб гIилла чIезабичIеб; **~ое обвине́ние** кьучI гьечIеб гIайиб гIунтIизаби 2) *разг. (несерьезный*) кIвар кьечIеб, пикру гьабичIеб

НЕОСО́ЗНАННЫЙ, -ая, -ое ургъичIеб, бичIчIичIеб; лъачIого ккараб, пикруго гьабичIеб, хIисаб гьабичIеб; **~ посту́пок** хIисаб гьабичIого, ургъичIого ккараб иш

НЕОСПОРИ́МО *нареч.* дагIба гьабизе бакI гьечIого, ракI чIун

НЕОСПОРИМОСТЬ *ж* дагIба гьабизе, тIад кIалъазе бакI гьечIолъи, ракIчIей

НЕОСПОРИ́МЫЙ, -ая, -ое дагIбаялъе, тIадкIалъаялъе бакI гьечIеб, ракI чIараб; **~ая и́стина** ракI чIараб хIакъикъат

НЕОСТОРО́ЖНОСТЬ *ж* тохлъи, хал гьабунгутIи, цере ралагьунгутIи, цIодорлъи гьабунгутIи; **~ во вре́мя движе́ния** унеб мехалъ цIодорлъи гьабунгутIи

НЕОСТОРО́ЖН//ЫЙ, -ая, -ое цIодорлъи гьечIеб, тохаб; **~о́е движе́ние** цIодорлъи гьечIеб цебехун ин; **~ое обраще́ние с огнём** цIадулгун цIодорлъи гьечIеб гьоркьоблъи

НЕОСУЩЕСТВИ́М//ЫЙ, -ая, -ое лъугьунареб, бажаруларе б, тIубаларе б; тIубазабизе кIоларе б; **~ое жела́ние** тIубалареб мурад, анищ

НЕОСЯЗА́ЕМ//ЫЙ, -ая, -ое квашун лъалареб, хъатIун лъазе кIолареб; **~ые результа́ты** нахъгIунтIизе кIоларел хIасилал

НЕОТВРАТИ́МОСТЬ *ж* нахъ чIвазе рес гьечIолъи, рор-чIизе чара гьечIолъи, тIад буссунгутIи; **~ наказа́ния** тамихIалдаса рорчIизе рес гьечIолъи

НЕОТВРАТИ́МЫЙ, -ая, -ое нахъ чIвазе рес гьечIеб, рор-чIизе чара гьечIеб, тIад буссунареб

НЕОТВЯ́ЗНЫЙ, -ая, -ое, **неотвя́зчивый,** -ая, -ое даим хадуб лъугьараб, тIаса бичIулареб; ракIалдаса унареб; **неотвя́зная мысль** ракIалдаса унареб пикру

НЕОТДЕЛИ́МЫЙ, -ая, -ое цогидалдаса батIа гьабизе захIматаб, тIезабизе кIолареб

НЕОТЁСАННЫЙ, -ая, -ое 1) бекIкIичIеб; **~ ка́мень** бекIкIичIеб гамачI 2) *перен. разг. (грубый*) тарбия щвечIев, культура гьечIев; **~ челове́к** культура гьечIев чи; хъачIав чи

НЕОТЗЫ́ВЧИВЫЙ, -ая, -ое чияр хIажалъабазе, гьариязе жаваб кьезе бокьуларев, цогидазе кумек гьабизе лъаларев

НЕ́ОТКУДА *нареч.*: **мне ~ доста́ть э́ ту кни́гу** гьеб тIехь балагьизе бакI дир гьечIо (дие гьеб тIехь кисаниги щоларо)

НЕОТЛО́ЖН//ЫЙ, -ая, -ое нахъ тIамизе бегьулареб, хехаб; **~ое де́ло** нахъ тIамизе бегьулареб иш; **~ая по́мощь** хехаб кумек

НЕОТЛУ́ЧНО *нареч.* 1) (*неразлучно*) тIечIого, цадахъ 2) (*постоянно*) кидаго

НЕОТЛУ́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*неразлучный*) тIей гьечIеб, ратIалъуларе б 2) (*постоянный*) кидаго *лъиданиги* цадахъ букIунеб, букIине кколеб; **~ое дежу́рство** нахъе ине бегьулареб, кидаго рукIине кколеб дежурство (хъаравуллъи)

НЕОТРАЗИ́М//ЫЙ, -ая, -ое 1) *жиб* нахъ чIвазе, тIезабизе кIолареб, *жинда* данде *щибниги* лъезе захIматаб; **~ая ата́ка ферзём** ферзалдалъун гьабулеб нахъ чIвазе кIолареб гьужум 2) *перен.* цIакъ кIудияб асар гьабулеб; **~ая красота́** хIикматаб берцинлъи, кутакаб асар гьабулеб берцинлъи

НЕОТСТУ́ПН//ЫЙ, -ая, -ое рекIун чIараб, тIаса бичIулареб, гьоркьоса къотIулареб, нахъе къалареб; **~ые мы́сли** гьоркьоса къотIуларел пикраби; **~ая про́сьба** лъугIи гьечIеб гьари

НЕОТЧЁТЛИВ//ЫЙ, -ая, -ое баянлъи, мухIканлъи гьечIеб; **~ое произноше́ние** баянаб гуреб, баянлъи гьечIеб, бичIчIулареб кIалъай, гьаркьал рахъи

НЕОТЪЕ́МЛЕМ//ЫЙ, -ая, -ое *лъихъаниги* бахъизе, бикьун, тIун бутIа босизе бегьулареб; **~ое пра́во** нахъе бахъизе бегьулареб ихтияр; *лъиениги, сундуениги* хасиятаб

НЕОФИЦИА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое официалияб гуреб, хасаб кIвар, магIна гьечIеб, хасаб гуреб; **~ое заявле́ние** хасаб (официалияб) гуреб, тIасахун бачIинчIеб лъазаби

НЕОХО́Т//А *ж* **1.** (*нежелание*) бокьунгутIи, гьира гьечIолъи; **пошёл с ~ой** бокьичIого, гьира гьечIого, ана **2.** *в знач. сказ. кому с неопр. разг. (нет желания)* бокьун гьечIо, гьира гьечIо; **мне ~а петь** дие кечI ахIизе бокьун гьечIо (дир кечI ахIизе гьира гьечIо)

НЕОХО́ТНО *нареч.* бокьичIого, гьира гьечIого

НЕОЦЕНИ́М//ЫЙ, -ая, -ое цIакъ къиматаб, къимат гьабун хIал кIолареб, тIадегIанаб къиматалъул; **~ая услу́га** къимат кьезе кIолареб кумек, хъатир, гIаданлъи

НЕОЧИ́ЩЕННЫЙ, -ая, -ое *техн.* бацIцIад гьабичIеб; **~ бензи́н** бацIцIад гьабичIеб бензин

НЕОЩУТИ́М//ЫЙ, -ая, -ое лъазе, бихьизе захIматаб; лъалеб-лъаларе б; **~ые затра́ты** дагьа-макъал харжал

НЕПАРНОКОПЫ́ТНЫЕ *мн. зоол.* щанкIлал рикьичIел, кIикIвекьал гурел *(чуял, хIамул, носорогал)*

НЕПА́РН//ЫЙ, -ая, -ое дандеяб гьечIеб, (*разрозненный*) жут лъугьунарел; **~ые перча́тки** жут кколарел квердахелал (дандеял гьечIел)

НЕПАРТИ´ ЙНЫЙ, -ая, -ое 1) (*не состоящий в партии*) партиялда гьечIев 2) (*не соответствующий принципам партии*) партиялъул гIадлуялда данде кколареб, гьелда рекъолареб

НЕПЕДАГОГИ´ ЧНЫЙ, -ая, -ое педагогикаялъул тIалабазда, гIадлуялда рекъолареб, гьезда данде кколареб

НЕПЕРЕВОДИ́МЫЙ, -ая, -ое дурусго цогидаб мацIалде буссинабизе кIолареб

НЕПЕРЕДАВА́ЕМ//ЫЙ, -ая, -ое ргIабаздалъун бицун бажаруларе6, бицине хIал кIолареб; **~ая ра́дость** бицун бажаруларе6 рохел

НЕПЕРЕНОСИ´ МЫЙ, -ая, -ое хIехьезе кIолареб

НЕПЕРЕХО́ДНЫЙ, -ая, -ое: **~ глаго́л** *грам.* непереходный (**дополнение** *тIалаб гьабулареб*) глагол

НЕПЕЧА́ТНЫЙ, -ая, -ое печаталда бахъизе бегьулареб, ничаб (*ргIи*)

НЕПИ́САНЫЙ, -ая, -ое билъгьа́раб гIадаталда рекъон, хIалтIизабулеб, законалда хъвачIеб, гьечIеб; **~ зако́н** бахъичIеб закон, билъгьа́раб гIадаталда рекъон хIалтIизабулеб закон

НЕПЛА́ВКИЙ, -ая, -ое хехго биунареб (*металл*)

НЕПЛАТЁЖ *м* кколеб гIарац жиндир заманалда кьунгутIи

НЕПЛАТЁЖЕСПОСОБНОСТЬ *ж фин.* налъи бецIун бажарунгутIи

НЕПЛАТЁЖЕСПОСОБНЫЙ, -ая, -ое налъи бецIун бажаруларев, налъи бецIизе хIал кIоларев

НЕПЛАТЕ́ЛЬЩИК *м* налъи бецIуларев чи

НЕПЛАТЕ́ЛЬЩИЦА *ж* налъи бецIуларей гIадан

НЕПЛОДОРО́ДН//ЫЙ, -ая, -ое дагьаб бачIин кьолеб; **~ая по́чва** дагьаб бачIин кьолеб, хъоросараб ракь

НЕПЛОДОТВО́РН//ЫЙ, -ая, -ое пайда кьолареб, гьечIеб, хIасил дагьаб; **~ая затра́та вре́мени** гIадада, пайда гьечIого, заман хвезаби

НЕПЛО́ХО *нареч.* квеш гьечIого, лъикI

НЕПЛОХ//О́Й, -ая, -ое квешаб гуреб, лъикIаб; **~ой рабо́тник** лъикIав хIалтIухъан; **~ая мысль** лъикIаб пикру

НЕПОБЕДИ´ МОСТЬ *ж* кьей гьечIолъи, къунгутIи

НЕПОБЕДИ́М//ЫЙ, -ая, -ое кьоларе6, кьезабизе кIолареб; **~ая а́рмия** кьолареб (кьей лъаларе6) армия

НЕПОВА́ДНО *нареч. в знач. сказ. кому*: ◊ **что́бы бы´ ло ~** цоги нухалъ такрар гьабизе яги гьебго жо цогиясе гьабизе бокьунгутIизе

НЕПОВИНОВЕ́НИЕ *с* мутIигIлъизе инкар гьаби, гIенеккунгутIи, малъараб гьабунгутIи

НЕПОВОРО́ТЛИВОСТЬ *ж* хIинцлъи, тантрахълъи тувадахълъи

НЕПОВОРО́ТЛИВЫЙ, -ая, -ое хIинцаб, тантрахъаб, тувадахъаб

НЕПОВТОРИ́МЫЙ, -ая, -ое такрарлъулареб, жинда релълъараб тIокIаб букIунареб; **~ слу́чай** такрарлъуларе6 лъугьа-бахъин

НЕПОГО́ДА *ж* кьерхен

НЕПОГРЕШИ´ МОСТЬ *ж* гъалатI гьабунгутIи, мунагь, гъалатI ккунгутIи

НЕПОГРЕШИ´ М//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*не ошибающийся*) гъалатI гьабуларев, гъалатI кколарев 2) (*достоверный*) битIараб, щаклъи, ишкал кколареб, гIайиб чIвазе, тIад кIалъазе бакI гьечIеб; **~ вы´ -вод** ишкал гьечIеб хIасил

НЕПОДАЛЁКУ *нареч.* гIагарда, аскIобго, рикIкIад гьечIого; **он живёт ~** гъов рукъалъ (гIумру гьабун) гIагардегIан вуго

НЕПОДА́ТЛИВЫЙ, -ая, -ое 1) мутIигIлъуларев, хIалица гурони мукIур гьавизе кIоларев; **~ у́зел** бичизе кIолареб гарацI 2) *перен. (упорный, упрямый*); **~ челове́к** тIирарав,жиндирабго ккун чIарав, согIав чи

НЕПОДВИ´ ЖН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*находящийся без движения*) багъаруларе6, бигъун чIараб; **~ое лицо́** гамачI гIадаб гьумер 2) (*медлительный*) хIинцаб, тантрахъаб; **~ый челове́к** хIинцав, вагъарун вахъунарев чи

НЕПОДДЕ́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое унго-унгояб, хIакъикъияб, гьересияб гуреб, хисизабичIеб; **~ые докуме́нты** хIакъикъиял документал; **~ая ра́дость** унго-унгояб рекIелаб рохел

НЕПОДКУ́ПНЫЙ, -ая, -ое вичун восизе кIоларев, рекIкI гьечIев, ришват босуларев; **~ челове́к** намус бацIцIадав чи

НЕПОДОБА́ЮЩ//ИЙ, -ая, -ое *лъиениги* хасиятаблъун букIине бегьулареб, санагIалъи гьечIеб; **вести´ себя´ ~им о́бразом** жиндиего хасиятаб гуреб куцалъ вихьизавизе; санагIалъи гьечIеб хIалалъ хьвада-чIвадизе, вукIине

НЕПОДРАЖА́ЕМЫЙ, -ая, -ое жинда релълъараб цогидаб, батIияб гьечIеб, хIаталдаса ун, цIакъаб, тIокIаб; цогидаб коцое босун, цогидалда релълъун, гьабичIеб

НЕПОДСУ´ ДН//ЫЙ, -ая, -ое *кинаб букIаниги* судалде гъоркье кколареб; **~ое де́ло** судалде гъоркье кколареб иш

НЕПОДХОДЯ́Щ//ИЙ, -ая, -ее рекъолареб, данде кколареб, санагIалъи гьечIеб, ярагьунареб, къадараб; **~ие усло́вия** санагIалъи гьечIел шартIал

НЕПОДЧИНЕ́НИЕ *с лъиениги* мутIигIлъунгутIи; инкар гьаби; **~ властя´ м** хIукуматалъе мутIигIлъунгутIи

НЕПОЗВОЛИ́ТЕЛЬНО *нареч.* бегьулареб, гьукъараб куцалъ; мекъи, квешго; **~ вести´ себя´** бегьулареб куцалъ, мекъи хьвадизе

НЕПОЗВОЛИ́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое гьабизе ихтияр гьечIеб, тIекъаб, гьукъараб, рухса гьечIеб

НЕПОКОЛЕБИ´ М//ЫЙ, -ая, -ое къуркьулареб, щулияб, щаклъи гьечIеб; **~ая ве́ра в побе́ду** бергьиналда (бергьенлъиялда) щаклъи гьечIеб божилъи

НЕПОКО́РНОСТЬ *ж* мутIигIлъизе, гIенеккизе бокьунгутIи; мутIигIлъунгутIи, гIенеккунгутIи

НЕПОКО́РНЫЙ, -ая, -ое мутIигIлъуларев, чияр квершел хIехьоларев, гIенеккуларев, *жиндие* асар гьабизе кIоларев

НЕПОКРЫ́Т//ЫЙ, -ая, -ое 1) бацичIеб, рагъараб, тIалъел лъечIеб; **~ая ми´ска** тIалъел гьечIеб гъадаро 2) тIад бачIеб, тIох гьечIеб; **~ая изба́** тIад бачIеб (тIокъинчIеб) рукъ 3) рахачIеб, къачIеб, гIицIаб; **с ~ой голово́й** гIицIаб бетIергун (*тIагъур лъе-чIого, шал чIвачIого*)

НЕПОЛА́ДК//И *мн.* (*ед.* **непола́дка** *ж*) 1) (*недостатки*) гIунгутIаби, мукъсанлъаби; **~и в рабо́те маши´ны** машинаялъул хIалтIулъ гIунгутIаби 2) (*ссоры*) дагIба-къец; **семе́йные ~и** хъизаналъул дагIба-къец, дандеккунгутIи

НЕПОЛИВНО́Й, -а́я, -о́е лъалъалареб; **~ые зе́мли** лъалъалаларел (лъалъазе кколарел) ракьал

НЕПОЛНОПРА́ВНЫЙ, -ая, -ое киналго ихтиярал гьечIев, цо-цо гурони ихтиярал гьечIев

НЕПОЛНОТА́ *ж сундулъниги* тIубараб камиллъи гьечIолъи, тIубараб гьечIолъи, ками´; **~ све́дений** киналго баянал гьечIолъи

НЕПОЛНОЦЕ́ННЫЙ, -ая, -ое щвалде щвечIеб, гIунгутIи бугеб, мукъсанаб; **~ това́р** щвалде щвечIеб, гIунгутIаби ругеб къайи

НЕПО́ЛН//ЫЙ, -ая, -ое 1) цIечIеб; **~ое ведро́** цIечIеб ведро 2) (*незаконченный*) лъугIичIеб; **~ый курс обуче́ния** лъаялъул ахиралде щвечIеб курс ◊ **~ая сре́дняя шко́ла** тIубачIеб гьоркьохъеб школа; ◊ **~ое предложе́ние** *грам.* тIубачIеб предложение

НЕПОМЕ́РН/ЫЙ, -ая, -ое гIадатияб гуреб роценалъул, кIодолъиялъул, къуваталъул *ва гь.ц.* рахъалъ гIурхъи гьечIеб; **~ые це́ны** цIакъ кIудиял багъаби; **~ая толщина́** хIаталдаса араб бицалъи

НЕПОНИМА́НИЕ *с* бичIчIунгутIи, бичIчIи гьечIолъи, бичIчIизе бажарунгутIи

НЕПОНЯ́ТЛИВЫЙ, -ая, -ое вичIчIуларев,хIалица гурони *щибниги* бичIчIуларев, эхебе нух гьечIев; **~ ребёнок** щибго жо бичIчIулареб лъимер

НЕПОНЯ́ТНО 1. *нареч.* бичIчIуларого **2.** *в знач. сказ. безл.* бичIчIуларого буго; **мне ~** дида бичIчIуларо, бичIчIуларого буго

НЕПОНЯ́ТН//ЫЙ, -ая, -ое 1) бичIчIулареб, бичIчIизе захIматаб; **~ое сло́во** бичIчIулареб ргIи 2) (*странный*) батIияб, хIикматаб; **~ый слу́чай** хIикматаб лъугьа-бахъин

НЕПОПАДА́НИЕ *с щибниги* речIчIулаго, рехулаго гIужда щунгутIи

НЕПОПРАВИ´ М//ЫЙ, -ая, -ое битIизабизе, хисизабизе захIматаб, кIолареб; битIуларе6; **~ая оши´бка** битIизабизе кIолареб гъалатI

НЕПОПУЛЯ́РНЫЙ, -ая, -ое машгьурлъичIеб, цIар рагIичIеб

НЕПОРО́ЧНЫЙ, -ая, -ое ясаб; бацIцIадаб; гIайиб гьечIеб, мунагь гьечIеб

НЕПОРЯ́ДОК *м* низам гьечIолъи, низам хвезаби, биххи, гIадлу-низам гьечIолъи

НЕПОРЯ́ДОЧНОСТЬ *ж* къадарал, нахъегIанал ишал гьари, нахъегIанлъи

НЕПОРЯ́ДОЧНЫЙ, -ая, -ое къадараб, нахъегIанаб, гIодобегIанаб; **~ челове́к** къадарав чи

НЕПОСВЯЩЁННЫЙ, -ая,-ое *сунданиги* гьорлъе вачинчIев, *щибниги* жинда лъазабичIев, рагIичIев

НЕПОСЕ́ДА *м, ж разг.* цо бакIалда, цо хIалалда чIоларев, чIезе кIоларев чи; женкIеро

НЕПОСЕ́ДЛИВЫЙ, -ая,-ое цо бакIалда, цо хIалалда чIоларев; **~ ребёнок** цо хIалалда чIолареб лъимер

НЕПОСИ́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое цIакъ захIматаб, бакIаб, хIал кIолареб, гуч гIолареб; **~ая рабо́та** гьабун бажарулареб, хIал кIолареб хIалтIи

НЕПОСЛЕ́ДОВАТЕЛЬНОСТЬ *ж* тартиб гьечIолъи; **~ в изложе́нии** бициналъулъ тартиб гьечIолъи; **~ посту́пков** гьарулел ишазулъ тартиб гьечIолъи

НЕПОСЛЕ́ДОВАТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое тартиб, низам гьечIеб

НЕПОСЛУША́НИЕ *с* гIенеккунгутIи, мутIигIлъунгутIи, инкар гьаби; **наказа́ть за** ~ мутIигIлъунгутIиялъе гIоло тамихI гьабизе

НЕПОСЛУ́ШН//ЫЙ, -ая, -ое гIенеккуларев, мутIигIлъуларев, гIенеккизе бокьуларев; **~ый ребёнок** мутIигIлъуларев лъимер ◊ **~ые во́лосы** ххан **ч**Iолареб кар; **~ые слёзы** жибго чвахун бачIунеб магIу, кквезе кIолареб магIу

НЕПОСРЕ́ДСТВЕННО *нареч.* битIахъе, гьоркьов чи гьечIого; **обрати́тесь ~ к дире́ктору** битIахъе живго директорасда кIалъай

НЕПОСРЕ́ДСТВЕННОСТЬ рекIел хIалалда хадур ин, эркенго, тIабигIияб куцалъ загьирлъи

НЕПОСРЕ́ДСТВЕННЫЙ, -ая, -ое 1) (*прямой*) битIахъегояб, гьоркьов чи гьечIеб, бадиса-бадибе бугеб; **~ нача́льник** битIахъегояв начальник 2) (*естественный*) хIакъикъияб, тIабигIияб; **~ челове́к** гIадатияв чи; 3) чара гьечIого, *сунданиги* хадуб букIине кколеб; *сундулниги* хIасиллъун кколеб

НЕПОСТИЖИ́М//ЫЙ, -ая, -ое бичIчIизе, лъазе захIматаб, кIолареб; **уму́ ~о!** кинго бичIчIуларо, гIакъluялъ къабул гьабуларо

НЕПОСТОЯ́НН//ЫЙ, -ая, -ое бигьаго ва гIемер хисулеб; цо хIалалда чIолареб, хисардулеб; **~ая пого́да** хисардулеб гьава-бакъ; **~ый челове́к** цо хIалалда чIоларев, чIара-хьарав гурев чи

НЕПОСТОЯ́НСТВО *с* хиси, хисарди, цо хIалалда чIунгутIи, цо хIал ккунгутIи; **~ кли́мата** гьава-бакъалъул цо хIалалда чIунгутIи; **~ в дру́жбе** гьудуллъиялда цо хIал ккунгутIи

НЕПОХО́Ж//ИЙ, -ая, -ое релълъинчIеб; **она́ ~а на отца́** гъой инсуда релълъарай гьечIо (релълъинчIей йиго)

НЕПОЧА́Т//ЫЙ, -ая, -ое *разг.* байбихьичIеб, жеги квер хъвачIеб; **~ая буты́лка молока́** тIаса камичIеб (квер хъвачIеб) рахьдал шиша ◊ **рабо́ты ~ый край** хIалтIул квер бачIеб дуниял (кигIан бокьаниги хIалтIи бугеб бакI)

НЕПОЧТЕ́НИЕ *с* хIурмат, адаб гьабунгутIи; **~ к ста́ршим** цIикIкIаразул адаб-хъатир гьабунгутIи, цIикIкIараздехун адаб гьечIолъи

НЕПОЧТИ́ТЕЛЬНОСТЬ *ж* хIурмат гьабунгутIи, адаб-хъатир гьечIолъи; **наказа́ть за** ~ адаб гьечIолъиялъе гIоло тIамихI гьабизе

НЕПОЧТИ́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое *лъилниги* адаб, хIурмат гьабуларев, адаб-хъатир гьечIев

НЕПРА́ВДА *ж* битIаралда, хIакъикъаталда данде ккколареб жо, гьереси ◊ **все́ми пра́вдами и ~ми** бокьарал ресаздалъун, бегьаниги бегьичIониги

НЕПРАВДОПОДО́БНЫЙ, -ая, -ое битIаралда релълъинчIеб, гьересияб, хIакъикъияб гуреб; **~ расска́з** хIакъикъияб гуреб хабар; гIадатияб гуреб, гIорхъолъа борчIараб

НЕПРА́ВИЛЬНО *нареч. (неверно, ошибочно*) мекъи, гьересияб куцалъ, гьалатIгун

НЕПРА́ВИЛЬНОСТЬ *ж* 1) (*ошибка*) гьалатI 2) битIун гьечIолъи, хIакъикъаталда данде ккунгутIи; **~ произноше́ния** гьаракь бахъиялъул, кIалъаялъул гьалатI

НЕПРА́ВИЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*ошибочный*) гьалатIаб; **~ое реше́ние** гьалатIаб хIукму 2) (*неверный*) мекъаб, тIалабалда рекъолареб; **у него́ ~ое произноше́ние** досул мекъаб гьаракь бахъи буго (мекъи кIалъалев вуго) 3) (*несправедливый*) тIекъаб, битIараб гуреб ◊ **~ая дробь** *мат.* числитель знаменателдаса кIудияб яги числительги знаменательги ращадаб дробь

НЕПРАВОМЕ́РНЫЙ, -ая, -ое законалдаса бахъараб, законалъ ритIухъ гьабулареб, данде кколареб; ихтияр гьечIеб

НЕПРАВОМО́Ч//НЫЙ, -ая, -ое *жиндие кинал ругониги* ихтиярал кьечIев; ихтияр гьечIев; **он ~ен подписа́ть докуме́нт** документалда гъол басине гьесул ихтияр гьечIо

НЕПРАВОТА́ *ж* мекъаб букIин, тIекъаб букIин (*несправедливость*); мекъаб, гьалатIаб иш, пикру

НЕПРА́В//ЫЙ, -ая, -ое мекъаб, тIекъаб; **вы ~ы** нуж (мун) мекъал руго; **быть ~ым** тIекъав вукIине

НЕПРАКТИ́ЧНЫЙ, -ая, -ое 1) хIалбихьи гьечIев, махщел гьечIев; **~ челове́к** хIалбихьи гьечIев чи 2) (*неудобный*) санагIалъи гьечIеб; пайда гьечIеб; квегIенаб гьечIеб

НЕПРЕВЗОЙДЁННЫЙ, -ая, -ое жинде цогидаб бахунареб; бищун лъикIаб, бищун камилаб; **~ ма́стер** жиндир махщалиде цогидав вахунарев устар, кутакаб махщалил устар

НЕПРЕДВИ́ДЕННЫЙ, -ая, -ое ракIалда букIинчIеб, лъугьинилан ккечIеб, цебеккун хIисаб гьабичIеб; **~ слу́чай** букIинилан ккечIеб, ракIалда букIинчIеб лъугьа-бахъин

НЕПРЕДНАМЕ́РЕНН//ЫЙ, -ая, -ое ургъунго гьабичIеб, нигаталде босичIеб, хIисабалда, къасдалда, ракIалда букIинчIеб; **~ое оскорбле́ние** ракIалда букIинчIеб инжит гьари (инжилъи)

НЕПРЕДОТВРАТИ́МЫЙ, -ая, -ое нахъ чIвазе кIолареб, рес гьечIеб, жиндаса рорчIизе рес гьечIеб

НЕПРЕДСКАЗУ́ЕМ//ЫЙ, -ая, -ое 1) тохлъукьегояб, букIине букIин лъалареб 2) цо хIал ккун чIоларев; **~ челове́к** цо хIал ккун чIоларев чи (хисардулев чи)

НЕПРЕДУСМОТРИ́ТЕЛЬНОСТЬ *ж* цебеккунго бихьунгутIи, бичIчIунгутIи

НЕПРЕДУСМОТРИ́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое *сундулниги хIасил* цебеккунго лъазе, бихьизе гьунар гьечIев, рикIкIаде берги пикруги щоларев

НЕПРЕЗЕНТА́БЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое бихьизе кьер, сурат гьечIеб, кьерукъаб; куц-мухъ гьечIеб; санагIалъи гьечIеб (*сипатсурат*)

НЕПРЕКЛО́ННОСТЬ *ж* къуркьи, хиси гьечIолъи, щулалъи

НЕПРЕКЛО́НН//ЫЙ, -ая, -ое къуркьи гьечIеб, хиси гьечIеб, къуркьулареб, хисулареб, чучулареб, щулияб (*ишалъулъ, пикруялъулъ*); **~ая во́ля** хисулареб, къуркьулареб хасият

НЕПРЕЛО́ЖН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*нерушимый*) биххулареб, хисизабизе бегьуларооеб; **~ый зако́н** хисизабизе бегьулареб закон 2) (*неоспоримый*) щаклъи гьечIеб, щаклъи кколареб; **~ая и́ стина** щаклъи гьечIеб, тIад кIалъазе бакI гьечIеб хIакъикъат

НЕПРЕМЕ́ННО *нареч.* кьуричIого, чара гьечIого, щаклъи гьечIого, тIадаб куцалъ; **~ приду́** чара гьечIого вачIина (вачIинчIого чара гьечIо)

НЕПРЕМЕ́НН//ЫЙ, -ая, -ое чара гьечIеб, тIадаб, букIине кколеб; **~ое усло́вие** чара гьечIеб шартI; *сундуениги* хасиятаб

НЕПРЕОДОЛИ́М//ЫЙ, -ая, -ое къуркьизабизе, нахъчIвазе, къвинабизе, къезабизе кIолареб; **~ое жела́ние** къвинабизе захIматаб къасд; **~ое препя́тствие** жиндаса бергьине кIолареб квекIен, квалкал

НЕПРЕРЕКА́ЕМЫЙ, -ая, -ое щибго инкар, щаклъи кколареб, къец кколареб

НЕПРЕРЫ́ВНО *нареч.* гьоркьоса къотIичIого; **рабо́тать** ~ гьоркьоса къотIичIого, хIалтIизе

НЕПРЕРЫ́ВНОСТЬ *ж* гьоркьоса къотIунгутIи; **~ ста́жа** стажалъул гьоркьоса къотIунгутIи

НЕПРЕРЫ́ВН//ЫЙ, -ая, -ое гьоркьоса къотIулареб, нахъаса къотIулареб, алхин гьечIеб; **~ый сон** гьоркьоса къотIичIеб макьу; **~ая цепь собы́тий** лъугьа-бахъиназул гьоркьоса тIечIеб рахас

НЕПРЕСТА́ННО *нареч.* даимго, чIечIого

НЕПРЕСТА́ННЫЙ, -ая, -ое кидаго чIолареб, даимаб, гьоркьоса къотIуларе6, лъугIуларе6; **~ ве́тер** лъугIиго гьечIеб гьури

НЕПРИВЕ́ТЛИВОСТЬ *ж* хIеренлъи гьечIолъи, гIунцлъи, хIалимлъи гьечIолъи, гьорлъ жувангутIи

НЕПРИВЕ́ТЛИВЫЙ, -ая, -ое 1) (*неласковый, суровый*) хIеренлъи гьечIев, хIалимлъи гьечIев, кьварарав; 2) *перен.* кьерхараб; **~ осе́нний день** кьерхараб хаслихълъиялъул къо

НЕПРИВЛЕКА́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое (*къватIисеб куцалда-лъун яги жанисеб рахъалдалъун*) *жинде* ракI цIалареб, ракIалъ босуларе6

НЕПРИВЫ́ЧК//А *ж разг.* ругьунлъун гьечIолъи, гIадат лъугьун гьечIолъи; **с ~и уста́л** ругьунлъун гьечIолъиялъ свакана

НЕПРИВЫ́ЧНЫЙ, -ая, -ое ругьунаб гуреб, гIадатлъун лъугьинчIеб; **~ая рабо́та** ругьунаб гуреб хIалтIи; **~ая обстано́вка** гIадатаб гуреб хIал

НЕПРИГЛЯ́ДНЫЙ, -ая, -ое бегIукъаб, коцокъаб, сурукъаб, сипат гьечIеб

НЕПРИГО́ДНОСТЬ *ж* бегьунгутIи, ярагьунгутIи, рекъонгутIи

НЕПРИГО́ДНЫЙ, -ая, -ое бегьуларе6, рекъоларе6, ярагьунареб

НЕПРИЕ́МЛЕМ//ЫЙ, -ая, -ое къабул гьабизе, *жинда* разилъизе бегьуларе6, къагIида гьечIеб; **~ое реше́ние** къабул гьабизе бегьуларе6 хIукму

НЕПРИ́ ЗНАННЫЙ, -ая, -ое жинда разилъичIеб, ритIухъ гьабичIеб, рикIкIинчIеб, къабул гьабичIеб; цIар тIибитIичIеб, цIар ругIичIеб, жиндие мукIурлъичIеб

НЕПРИКОСНОВЕ́ННОСТЬ *ж чIезабураб заманалде щвезегIан* цIунун букIин, *жинда* квер хъвангутIи, законалъ цIунун букIин; **~ ли́ чности** законалъ инсанасул напс цIунун букIин

НЕПРИКОСНОВЕ́ННЫЙ, -ая, -ое 1) *чIезабураб заманалде щвезегIан* цIунулеб, *жинда* квер хъваларе6, *лъицаго* хвезабулареб; **~ запа́с** *бихьизабураб мехалде щвезегIан* квер хъваларе6 нахърател 2) (*находящийся под защитой закона*) законалъул цIунилда гъоркь бугеб, законалъ цIунулеб

НЕПРИКРА́ШЕНН//ЫЙ, -ая, -ое берцин гьабичIеб, тIад кьер гьабичIеб, къачIачIеб, бацIцIадаб, тIабигIияб; **~ая и́стина** бацIцIадаб, битIараб хIакъикъат

НЕПРИКРЫ́Т//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*не закрытый плотно*); гьункизабун къачIеб, рахачIеб (*не покрытый сверху*); бахчичIеб, тIаде щибго рехичIеб, тIасан къачIеб **~ая дверь** гьункизабун къачIеб нуцIа 2) *перен. (явный)* битIахъегояб, балъго гьабичIеб, бахчичIеб

НЕПРИЛИ́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое рекъечIеб, сурукъаб, къабихIаб; **~ые слова́** къабихIал, нахъегIанал ругIаби; **~ый посту́пок** сурукъаб иш

НЕПРИМЕНИ́ МЫЙ, -ая, -ое пайда босизе, хIалтIизабизе бегьуларе6; рекъоларе6

НЕПРИМЕ́ТН//ЫЙ, -ая,-ое 1) (*незаметный*) бихьуларе6, цебе рехуларе6; **~ая ра́зница** бихьуларе6 (лъалареб) батIалъи 2) (*непримечательный*) жиндего цIаларе6, батIалъуларе6; **~ая вне́шность** цогидаздаса батIалъуларе6, батIа бахъуларе6 гьумер-куц

НЕПРИМИРИ́МОСТЬ *ж* рекъел гьабугутIи, рекъонгутIи, рекъел гьечIолъи; **~ противоре́чий** дандеккунгутIиязул рекъел гьечIолъи

НЕПРИМИРИ́ МЫЙ, -ая, -ое разилъи биччаларе6, ракълиде унареб; рекъезаризе кIоларел, рекъел тараб

НЕПРИНУЖДЁННО *нареч.* гIадатго, эркенго, сундаго бачIого, тIабигIияб куцалъ; **вести́ себя́** ~ гIадатияб куцалъ хьвада-чIвадизе

НЕПРИНУЖДЁНН//ЫЙ, -ая, -ое гIадатаб, тIабигIияб, эркенаб, хъвел-кIеч гьечIеб; **~ая бесе́да** эркенаб гара-чIвари

НЕПРИСОЕДИНИ́ВШ//ИЙСЯ, -аяся, -еяся; **~иеся стра́ны** *кIиабилеб дунялалъулго рагъдаса хадур лъугьарал* рагъулгун политикиял цолъабазда гьоркьоре унарел улкаби

НЕПРИСПОСО́БЛЕННЫЙ, -ая, -ое хIалбихьи гьечIо-лъиялъ *сундуениги* ругьунлъун бажаричIев; рекъа-решон ккечIев; **~ челове́к** хIалбихьи гьечIолъиялъ рекъа-решон ккечIев чи

НЕПРИСТО́ЙНОСТ//Ь *ж* нахъегIанлъи, къабихIлъи, сурукълъи; **~ь поведе́ния** гIамал-хасиятальул нахъегIанлъи (къадарлъи); **говори́ ть ~и** къабихIал жал абизе (сурукъаб калам гьабизе)

НЕПРИСТО́ЙН//ЫЙ, -а, -ое нахъегIанаб, къабихIаб, къадараб; сурукъаб, нич гьечIеб; **~ые слова́** къабихIал ругIаби

НЕПРИСТУ́ ПН//ЫЙ, -ая, -ое 1) босизе кIоларе6, тIаде рахине кIоларе6,щулияб, бахъизе захIматаб; **~ая кре́пость** бахъизе кIоларе6 хъала 2) *перен.* аскIоре къазе кIоларев, хъитIарав, чIухIарав; **~ый челове́к** чIухIарав чи

НЕПРИТВО́РН//ЫЙ, -ая, -ое кIигьумерчилъи гьечIев, ракI бацIцIадав, хIвел гьабуларев

НЕПРИТЯЗА́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое дагьалда гIей гьабулев, кIудияб тIалаб гьечIев, гIадатав, чIухIи гьечIев; **он челове́к** ~ гъов гIемераб жо къваригIунев чи гуро; гъов чIухIарав чи гуро

НЕПРИХОТЛИ́В//ЫЙ, -ая, -ое сундаго чIухIи гьабуларев, гIемераб жо къваригIунарев; гIадатав; **~ый к еде́** кванде батIияб тIалаб гьечIев; кванда наз-наздуларев; **~ая пи́ща** бищунго гIадатияб квен

НЕПРИЧА́СТНОСТЬ *ж* гъорлъе лъугьунгутIи, гьоркьове жувангутIи, гIахьаллъунгутIи

НЕПРИЧА́СТН//ЫЙ, -ая, -ое гъорлъе лъугьинчIев, гьоркьове жувачIев, гIахьаллъичIев, гьоркьов гьечIев; **быть ~ым к э́ тому де́лу** гьеб ишалдехун гьоркьоблъи гьечIевлъун вукIине

НЕПРИЯ́ЗНЕНН//ЫЙ, -ая, -ое жахIдаяб, рокьукъаб, рихараб; **~ое отноше́ние** *к кому-л. лъидехунниги* рокьукъаб бербалагьи

НЕПРИЯ́ ЗНЬ *ж* жахIда, рокьукълъи, рихин; **пита́ть ~** *к кому-л. ~ щивниги* рихине, вокьунгутIизе, рокьукълъи букIине

НЕПРИЯ́ТЕЛ//Ь *м* 1) *собир. (войска*) тушбабазул аскарал; **разби́ ть ~я** тушбабасул аскарал щущахъ риххизаризе 2) рагъулав дандеяв, тушман

НЕПРИЯ́ТЕЛЬСК//ИЙ, -ая, -ое тушманасулаб; **~ие войска́** тушманасул аскарал

НЕПРИЯ́ ТНО 1. *нареч.* рокьукъго; рихун; **он ~ говори́ т** дов рокьукъго кIалъала 2. *в знач. сказ. безл. лъиениги* рокьукъго, рихун, санагIалъи гьечIого буго; **ви́деть тако́е ~** гьединаб жо бихьизе рокьукъго букIуна (бокьуларо)

НЕПРИЯ́ТНОСТ//Ь *ж* къагIида гьечIолъи, рекъон гьечIолъи, санагIалъи гьечIолъи, лазатбахъи; рокьукъаб иш; **у него́ сно́ва ~и** гъосдасан (гъосул) цIидасан санагIалъи гьечIел жал ккун руго

НЕПРИЯ́ТН//ЫЙ, -ая,-ое рекъечIеб, рокьукъаб, санагIалъи гьечIеб; **~ый за́пах** рокьукъаб махI; **~ая бесе́да** рекъечIеб гачачIвари; **~ый челове́к** рокьукъав чи

НЕПРОБУ́ДН//ЫЙ, -ая, -ое 1) цIакъ гъваридаб; халатаб; **~ый сон** цIакъ гъваридаб, ворчIуларе6 макьу 2) *разг.* гIурхъирахъ гьечIеб; вигьунареб (*гьекъолди, мехти*); **~ое пья́нство** вигьунареб гьекъолди

НЕПРОВЕ́РЕНН//ЫЙ, -ая, -ое хал гьабичIеб; **~ые да́нные** (*сведения*) хал гьабичIел баянал

НЕПРОВЕ́ТРЕНН//ЫЙ, -ая, -ое гьури чIвазабичIеб, гьава хисичIеб; **~ая ко́мната** гьава хисичIеб рукъ

НЕПРОВОДНИ́ К *м физ.* непроводник (*жиндасан ток унаребщинаб жо*)

НЕПРОГЛЯ́ДН//ЫЙ, -ая, -ое гъорлъан канлъи, щибниги бихьуларебгIан бецIаб; **~ая ночь** лахIчIегIараб, бадиб килищ тунканиги, бихьуларе6, бецIаб сордо

НЕПРОДОЛЖИ́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое къокъаб, дагьаб заманалъул, халат бахъинчIеб;**~ый о́тпуск** къокъаб отпуск; **в тече́ние ~ого вре́мени** дагьаб заманалда жаниб

НЕПРОДУКТИ́ВН//ЫЙ, -ая, -ое 1) кIудияб пайда гьечIеб, бихьулеб хIасил кьоларе6, хайир дагьаб; **~ая тра́та вре́мени** гIадада, пайда гьечIого, заман хвезаби 2) *лингв.* цIиял ругIаби лъугьинаруларе6; **~ый а́ффикс** (*гьанже*) цIиял ругIаби лъугьинаруларе6 аффикс (суффикс)

НЕПРОДУ́МАННЫЙ, -ая, -ое гIемер, лъикI ургъичIеб; ургъичIого гьабураб

НЕПРОЕ́ЗЖ//ИЙ, -ая, -ее жиндасан хьвадуларе6 яги ине захIматаб, кIоларе6; **~ая доро́га** гьоко, машина хьвадуларе6 нух

НЕПРОЗРА́ЧНЫЙ, -ая, -ое гъорлъан канлъи бихьуларе6

НЕПРОИЗВОДИ́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое 1) пайда гьечIого, пайдаяб хIасил гьечIого, хвезабулеб; **~ая часть населе́ния** халкъалъул пайда кьолеб хIалтIи гьабуларе6 бутIа 2) (*напрасный*) гIадада хвезабураб; **~ая тра́та вре́мени** гIадада заман хвезаби

НЕПРОИЗВО́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое ракIалда гьечIого, ургъи-чIого ккараб; ~ **смех** ургъичIого борчIараб релъи

НЕПРОЛА́ЗН//ЫЙ, -ая, -ое гъорлъан рахъизе захIматаб, кIолареб; **~ая грязь** гали бахъизе кIолареб хIарщ

НЕПРОМОКА́ЕМ//ЫЙ, -ая, -ое гъорлъан жанибе лъим, регьел биччалареб; **~ые сапоги́** жанибе лъим баккуларел, риччуларел чакмаби

НЕПРОНИЦА́ЕМОСТЬ *ж* гъорлъан лъим, канлъи, гьаракь биччангутIи

НЕПРОНИЦА́ЕМ//ЫЙ, -ая, -ое гъорлъан лъим, канлъи, гьаракь биччалареб; **~ая перегоро́дка** гъорлъан гьаракь ragIулареб гьоркьокъед; ~ **мрак** гъорлъан щибго бихьулареб бецIлъи 3) *перен. (скрытый*) балъгояб, бахчараб, жиндир къасд, хиял лъалареб; лъазе, биччIизе захIматаб

НЕПРОПОРЦИОНА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое бутIаби цоцазда рекъечIеб, данде ккечIеб; **~ое разви́ тие** *чего-л. сундулниги,* низам гьечIого, цоцалъ рекъечIого, цебетIей, ин

НЕПРОСВЕЩЁННЫЙ, -ая, -ое лъай гьечIев, жагьилав; ~ **челове́к** жагьилав чи

НЕПРОСТИ́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое тIаса лъугьине бегьулареб, тIаса рехулареб; **~ая хала́тность** тIаса лъугьине бегьулареб тасамахIлъи, агъаз гьечIолъи

НЕПРОТИВЛЕ́НИЕ *с*: ~ **злу** зулмуялде данде чIунгутIи, къеркьонгутIи

НЕПРОТОРЁНН//ЫЙ, -ая, -ое: **пойти́ по ~ому пути́** *лъицаниги* бахъичIеб, лъечIеб цIияб нухдасан ине

НЕПРОТО́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое лъим тIаса унареб; чвахулареб; **~ое о́зеро** лъим тIаса унареб хIор

НЕПРОХОДИ́МОСТЬ *ж* 1) дорехун рахине, жанисан ине кIунгутIи 2) : ◊ ~ **кише́чника** хъвата хIалтIунгутIи, бакьида жанисан гъиз унгутIи

НЕПРОХОДИ́М//ЫЙ, -ая, -ое 1) дорехун рахине, жанисан ине, нух бахъизе кIолареб; **~ые боло́та** нух бахъизе кIоларел хьуцIал 2) *разг.*: **~ая глу́пость** ragIa-ракьан гьечIеб гIантлъи; **~ый дура́к** кIудияв, тIубарав гIабдал

НЕПРО́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое 1) жагъалаб, чIемегIаб, хехго бихxулеб, щулияб гуреб; **~ая мате́рия** чIимигIаб ххам 2) *перен.* загIипаб, чучаб; **~ое положе́ние** загIипаб хIал

НЕПРО́ШЕННЫЙ, -ая, -ое ахIичIев; ~ **гость** ахIичIев, ахIичIого вачIарав гьобол

НЕПУТЁВЫЙ, -ая, -ое *разг.* ургъел гьечIев, тIадагьав; къосарав, пасатго хьвадулев; ~ **сын** къосарав вас

НЕПЬЮ́ЩИЙ, -ая, -ее **1.** гьекъоле6 жо хIалтIизабуларев, гьекъоларев **2.** (*в знач. сущ*). ~ *м* гьекъоларев (чи)

НЕРАБОТОСПОСО́БНОСТЬ *ж* хIалтIизе кIунгутIи, хIалтIун бажарунгутIи; **вре́менная** ~ заманалъ хIалтIун бажарунгутIи

НЕРАБОТОСПОСО́БН//ЫЙ, -ая, -ое хIалтIизе кIоларев, хIалтIун бажаруларев; **стать ~ым** хIалтIизе кIоларевлъун лъугьине

НЕРАБО́Ч//ИЙ, -ая, -ее: **~ее вре́мя** хIалтIулаб гуреб, хIалтIудаса эркенаб, хIалтIулареб заман; **~ее настрое́ние** хIалтIизе бокьулареб рекIел хIал, хIалтIизе гъира гьечIеб хIал

НЕРА́ВЕНСТВ//О *с* 1) ращалъи гьечIолъи; **~о сил** къуватазул ращалъи гьечIолъи; **социа́льное ~о** социалияб ращалъи гьечIолъи 2) *мат.* неравенство (*тарихазул кинаб кIудияб яги гьитIинаб бугебали бихьизабулеб гьоркьоблъи*); **знак ~а** (>, <) (*тарихазул ращалъи гьечIолъи бихьизабизе лъолеб гIаламат*) ращадал гьечIолъиялъул ишара

НЕРАВНОДУ́ ШН//ЫЙ, -ая, -ое *лъидениги-сунденигu* рекIел цIайи бугев, *щивниги-щибниги* бокьулев; **быть ~ым** *к кому-чему-л. сундехунниги-лъидехуннигu* рекIел цIайи букIине

НЕРАВНОМЕ́РНО *нареч.* цогояб, цокIалаб гуреб куцалъ, цокIаллъи гьечIого

НЕРАВНОМЕ́РНОСТЬ *ж* цоголъи, цокIаллъи гьечIолъи

НЕРАВНОМЕ́РН//ЫЙ, -ая, -ое цокIаллъи гьечIеб; **~ое разви́тие** цокIалаб гуреб, цокIаллъи гьечIеб цебетIей

НЕРАВНОПРА́ВИЕ *с* ращадал ихтиярал гьечIолъи, ращалъи гьечIолъи

НЕРА́ВН//ЫЙ, -ая, -ое 1) кIодолъиялъулъ, лъикIлъиялулъ цогояб гьечIеб; ращалъи гьечIеб; **у них ~ые си́ лы** гьозул къуватал ращадал гьечIо 2) : **~ый брак** ращалъи гьечIеб ригьин

НЕРАДИ́ВОСТЬ *ж* тIалаб, ургъел гьечIолъи, тIадаб ишалдехун, борчалдехун тIаса-масаго валагьи, кIвар гьечIолъи, тасамахIлъи, чIанкI гьечIолъи

НЕРАДИ́ ВЫЙ, -ая,-ое тIалаб, ургъел гьечIев, тIадаб борчалдехун, ишалдехун тIаса-масаго валагьулев, кIвар гьечIев, тасамахIав, гъира гьечIого, хIалтIулев; ~ **рабо́тник** кIвар гьечIев хIалтIухъан

НЕРАЗБЕРИ́ ХА *ж разг.* низам, мухIканлъи гьечIолъи, гIадлу гьечIолъи; **по́лная ~ в дела́х** ишазулъ тIубараб низам гьечIолъи; хIапу-чапур, жуба-гъубай

НЕРАЗБО́РЧИВОСТЬ *ж* 1) (*нечеткость, неясность*) якъинлъи гьечIолъи, бичIчIизе захIмалъи 2) (*нетребовательность*) тIалаб гьечIолъи; батIалъи гьечIолъи

НЕРАЗБО́РЧИВЫЙ, -ая, -ое 1) (*нечеткий, неясный*) якъинаб гуреб, бичIчIулареб; ~ **по́черк** цIализе захIматаб хатI 2) (*нетребовательный*) тIалаб гьечIеб; ~ **в еде́** кванил батIалъи гьечIев; дагьалда разияв, чIухIдаруларев, назназдуларев

НЕРА́ЗВИТ//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*физически или умственно*) цIубачIеб, гIураб къадаралда цебе тIечIеб 2) (*отсталый*) нахъе ккараб

НЕРАЗГА́ДАНН//ЫЙ, -ая, -ое ахиралде щун, лъачIеб, хадур гIунтIичIеб, ragьичIеб; **~ая на́дпись** жеги цIализе кIвечIеб, нахъгIунтIичIеб хъвай-хъвагIай (*сунданиги тIад гьабураб*)

НЕРАЗГОВО́РЧИВЫЙ, -ая, -ое гаргадизе, кIалъазе бокьуларев; гIунцарав, ragIукъав

НЕРАЗДЕЛЁНН//ЫЙ, -ая, -ое 1) бикьичIеб, бутIабазде бикьичIеб, гьоркьоб бикьичIеб; **~ое иму́щество** гьоркьоб бикьичIеб буголъи (бечелъи) 2) *перен. (не получивший отклика)* жаваб щвечIеб; **~ая любо́вь** данде жаваб щвечIеб рокьи

НЕРАЗДЕ́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое бутIабазде бикьулареб, бикьизе бегьулареб, цогояб, тIолареб; **~ое хозя́ йство** цогояб, бикьулареб магIишат

НЕРАЗЛИЧИ́ М//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*недоступный зрению*) батIа бахъизе захIматаб, кIолареб; берда бихьулареб 2) (*очень похожий*) цIакъ релъларараб, батIа гьабизе лъаларе6; **~ые отте́нки** цогоял кьерал, цоцаздаса ратIа рахъизе кIоларел кьерал

НЕРАЗЛОЖИ́МЫЙ, -ая, -ое бутIабазде биххизе, бикьизе бегьулареб; бутIабазде бикьулареб, бикьизе бегьулареб

НЕРАЗЛУ́ ЧН//ЫЙ, -ая, -ое кидаго цадахъ букIунеб, батIалъулареб; **~ые друзья́** ратIалъуларел, кидаго цадахъ рукIунел гьудулзаби

НЕРАЗМЕ́ННН//ЫЙ, -ая, -ое гIисин гьабулареб, гIисин гьабизе бегьулареб (*гIарцул хIакъалъулъ*); **~ая моне́та** гIисин гьабизе бегьулареб гIарац ◊ **~ый рубль** босулареб гIабаси

НЕРАЗРЕШЁНН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*недозволенный*) бегьулареб, гьукъараб, изну гьечIеб; **~ая игра́** бегьулареб, гьукъараб хIай 2) (*нерешеный*) тIубачIеб, жеги цойиде ккечIеб, баянлъун бахъинчIеб; **~ый вопро́с** жеги тIубачIеб суал

НЕРАЗРЕШИ́МЫЙ, -ая, -ое жиндир захIмалъиялдалъун тIубазабизе, баян гьабизе, ахиралде щвезабизе кIолареб; ~ **вопро́с** тIубазабизе кIолареб суал

НЕРАЗРЫ́ ВНО *нареч.* тIечIого, бикьичIого, биххичIого, щулаго

НЕРАЗРЫ́ВН//ЫЙ, -ая, -ое бутIабазде бикьизе, биххизе, тIезе бегьулареб; щулияб, къвакIараб; **~ая дру́жба** тIолареб**,** би-ххулареб гьудуллъи

НЕРАЗУ́ МНЫЙ, -ая, -ое гIакъиллъи, цIодорлъи гьечIеб, цIодорлъиялда, гIакълуялда данде кколареб; ~ **челове́к** гIантав чи; ~ **посту́пок** ахIмакъаб иш

НЕРАСПОЛОЖЕ́НИЕ *с* рихин, бокьунгутIи, ракIалъ босунгутIи; **душе́вное** ~ ракIалъ босунгутIи, рекIее гIунгутIи

НЕРАСПОРЯДИ́ТЕЛЬНОСТЬ *ж хIажатаб механда* хIаракат, гIуцIарухъанлъиялъул махщел гьечIолъи, нухмалъи гьабизе гьунар гьечIолъи

НЕРАСПОРЯДИ́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое хIаракат, гIуцIарухъанлъиялъул махщел, бетIерлъиялъе гьунар гьечIев; ~ **администра́тор** гIуцIарухъанлъиялъе махщел гьечIев администратор (бетIер)

НЕРАСПРОСТРАНЕ́НИ//Е *с* тIибитIизабунгутIи; **догово́р о ~и я́ дерногоору́жия** ядернияб ярагъ тIибитIизабунгутIиялъул хIакъалъулъ къотIи

НЕРАСТВОРИ́МОСТЬ *ж сундулъниги* билъунгутIи, биунгутIи

НЕРАСТВОРИ́МЫЙ, -ая, -ое *сундулъниги* билъунареб,биунареб

НЕРАСТОРЖИ́ М//ЫЙ, -ая, -ое биххизе, хвезабизе бегьуларе6; **~ые у́зы бра́тства дагеста́нских наро́дов** Дагъистаналъул халкъазул вацлъиялъул тIей, биххи гьечIел бухьенал

НЕРАСТОРО́ПНЫЙ, -ая, -ое хIинцав, жигар гьечIев, тантрахъав, вагъа-вачаризе гьунар гьечIев, вагъа-вашарун вахъунарев

НЕРАСЧЁТЛИВЫЙ, -ая, -ое цебеккун хIисаб гьабулареб; **~ челове́к** цебеккун хIисаб гьабуларев (хасаб мурад гьечIев) чи

НЕРАЦИОНА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое пайдаб куцалда гIуцIичIеб, хайираб куцалда гьабулеб гьечIеб; **~ое расхо́дование средств** ресаздасан (гIарцудасан) цIодораб гуреб куцалъ пайда боси

НЕРВ *м анат.* нерв; **зри́тельные ~ы** берзул (канлъул) нервал; **больны́е ~ы** унтарал нервал ◊ **э́то де́йствует мне на ~ы** гьелъ дир нервал рагъаризарула; **кре́пкие ~ы** щулиял нервал; **игра́ть на ~ах** нервал рагъаризаризе, валъаргъине, щцин бахъинабизе, вагъаризавизе

НЕРВИ́ РОВАТЬ *несов. кого щивниги* гьалаг гьавизе, щцидахинавизе, *лъилниги* рахIат хвезабизе, щцин бахъинабизе

НЕ́РВНИЧАТЬ *несов.* гьалаглъизе, щцидахине, квари-лъахъдизе; **~ по пустяка́м** гьадингояб жо сабаблъун рахIат хвезе, щцин бахъине

НЕРВНОБОЛЬН//О́Й *м* нервал унтарав чи, нервазул унти бугев чи; **кли́ника для ~ых** нервал унтарал гIадамазул (зе) клиника

НЕРВНОБОЛЬНА́Я *м* нервал унтарай гIадан

НЕРВН//ЫЙ, -ая, -ое 1) нервазулаб; **~ые воло́кна** нервазулал чIваби (рихьал) 2) нервазул унти бугев; **~ые боле́зни** нервазулал унтаби; **~ый челове́к** нервал чIимигIав чи; щцидахунев, гьалагав чи

НЕРЕАЛИЗО́ВАНН//ЫЙ, -ая, -ое бичичIеб; гIумруялде бахъинабичIеб; **~ая проду́кция** бичичIеб къайи

НЕРЕА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое хIакъикъияб гуреб; **~ый прое́кт** хIакъикъияб гуреб проект; **~ое предложе́ние** гIумруялде бахъунареб, тIубазабун бажарулареб предложение (цебелъей)

НЕРЕГУЛЯ́ РНО *нареч.* цо ккураб заман гьечIого, хIажалъи ккедал; гьоркьо-гьоркьоб, гьоркьоб къотIун

НЕРЕГУЛЯ́ РН//ЫЙ, -ая, -ое цо ккураб заман гьечIеб, даимаб гуреб, хIажалъи ккедал гьабулеб; **~ая рабо́та** даимаб гуреб хIалтIи; **~ое движе́ние поездо́в** поездазул цо ккураб заман гьечIеб хьвади

НЕРЕ́ДКИЙ, -ая, -ое (*обычный*) къанагIатаб гуреб, гIадатияб

НЕРЕ́ДКО *нареч.* чанги, чанцIулги, къанагIат гьечIого, ризго

НЕРЕНТА́БЕЛЬНОСТЬ *ж* пайда, мунпагIат гьечIолъи

НЕРЕНТА́БЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое пайда, хайир, мунпагIат гьечIеб; **~ое произво́дство** пайда гьечIеб магIишат (производство)

НЕ́РЕСТ *м* нерест, цIоччугIбуз икра биччай; икраялда тIаде хьон биччай

НЕРЕСТИ́ТЬСЯ *несов.* ччугIби нересталъул (*икра биччаялъул ва тIинчI бахъиялъул*) хIалалда рукIине

НЕРЕШИ́ТЕЛЬНОСТ//Ь *ж* таваккал гьечIолъи, васвасди; **быть в ~и** васвасдулев вукIине

НЕРЕШИ́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое таваккал гьечIев (васвасдулев); **~ отве́т** таваккал гIечIеб жаваб; **~ челове́к** таваккал гьечIев чи

НЕРЖАВЕ́ЮЩ//ИЙ, -ая, -ее кьаву чIвалареб; **~ая сталь** кьаву чIвалареб чаран

НЕРО́БК//ИЙ, -ая, -ое хIинкъуларев, къвакIарав, нахъе къаларев; ◊ **он ~ого деся́тка** гьев хIинкъулезул гуро

НЕРО́ВН//ЫЙ, -ая, -ое битIараб, цокIалаб гуреб; **~ая доро́га** гохIахараб, гьетI-гьетIараб нух; **~ая доска́** гьетIараб хъарщи; **~ая ли́ния** гьетIараб мухъ; **~ый пульс** рекIел цокIаллъи гьечIеб кьаби; **~ый по́черк** цокIаллъи гьечIеб хатI; **~ый хара́ктер** чIара-хьараб гуреб, хисардулеб гIамал-хасият

НЕРО́ВНЯ *м, ж разг. сундулъниги (гIамалалъулъ, лъаялъулъ, соназулъ ва гь.ц.*) ващадав гьечIев чи; **он ей ~** гьев долда ващадав гьечIо

НЕ́РПА *м зоол.* нерпа (*ралъдал гьабзазул цо тайпа*); нерпаялъул цIоко

НЕ́РПОВ//ЫЙ, -ая, -ое нерпаялъул; нерпаялъул гьабураб; **~ая ша́пка** нерпаялъул цIакIил тIагъур

НЕРУ́ ССКИЙ, -ая, -ое гIурусав гурев, гIурус гуреб

НЕРУШИ́ М//ЫЙ, -ая, -ое биххи гьечIеб, биххулареб, холареб, тIоларе6; **~ая дру́жба** тIей гьечIеб гьудуллъи

НЕРЯ́ХА *м, ж* гIадлу-низам, вакIа-вахари гьечIев чи, тантрахъ, квасугIарщ, хадув вехъерхъарав чи

НЕРЯ́ ШЛИВ//ОСТЬ *ж* 1) (*неопрятность*) вакIа-вахари гьечIолъи; вичча-вихъан вукIине **~ый челове́к** вакIа-вахари гьечIев чи; **~ая оде́жда** рацIцIалъи гьечIеб ретIел 2) (*небрежность*) кин букIаниги, мухIканлъи гьечIого, гьаби; **~ая рабо́та** кин букIаниги гьабураб, мухIканлъи гьечIеб хIалтIи

НЕРЯ́ШЛИВ//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*неопрятный*) бакIа-бахари гьечIеб, мухIканлъи, дурулъи гьечIеб; **~ый челове́к** вакIа-вахари гьечIев, вичча-вихъан тарав чи; **~ая оде́жда** бакIа-бахари гьечIеб, гьизараб, хъубаб ретIел-кун 2) (*небрежный*) тIаса-масаго гьабураб; **~ая рабо́та** тIаса-масаго гьабураб хIалтIи

НЕСАМОСТОЯ́ТЕЛЬНОСТЬ *ж* живго жиндаго чIей гьечIолъи, жинцаго гьабунгутIи, (*гьабулеб ишалъулъги пикруялдаги*) чияр асар букIин

НЕСАМОСТОЯ́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое 1) жиндирго гIакълуядалъун щибниги жо гьабуларев, живго жиндаго чIечIев 2) батIиясул босараб, жиндирго гуреб; **~ая рабо́та** чияр асар бугеб хIалтIи; **~ое госуда́рство** жибго жиндаго чIечIеб (чIей гьечIеб), чияда бараб пачалихъ

НЕСБЫ́ ТОЧН//ЫЙ, -ая, -ое мурадалде щолареб, гIумруялде бахъунареб, тIубалареб; **~ые мечты́** тIураларел анищал

НЕСВАРЕ́НИЕ *с:* ◊ **~ желу́дка** *мед.* (*кванирукъ унтиялда-лъун*) квен регьунгутIи, квараб жо бихIунгутIи

НЕСВЕ́ДУЩИЙ, -ая, -ое *кинаб букIаниги* гIелмуялда дагьаб лъай бугев; дагьаб лъай бугев (чи)

НЕСВЕ́Ж//ИЙ, -ая, -ее 1) (*испорченный*) хвараб, цIияб гуреб, басралъараб; **~ее мя́со** махI чIвараб гьан 2) (*поблекший о красках*) кьер араб, хвараб; **~не кра́ски** кьер хварал релъаби 3) (*устарелый*) басралъараб, цебегосеб; **~ий но́мер газе́ты** газеталъул цебегосеб номер; **~ие све́дения** цIиял гурел, лъалел, басралъарал баянал,харбал 4) (*заношенный*) ретIараб, гьизараб (*гьоркьан ретIел*)

НЕСВОЕВРЕ́МЕНН//ЫЙ, -ая, -ое жиндир заманалда гьабичIеб; **~ый прие́зд** заман гуреб мехалъ вачIин; **~ая по́мощь** кватIараб, заманалда щвечIеб кумек

НЕСВО́ЙСТВЕНН//ЫЙ, -ая, -ое *кому-чему-л. лъиениги, сундуениги* хасиятаб гуреб

НЕСВЯ́ ЗНЫЙ, -ая, -ое бухьен гьечIеб; **~ расска́з** *магIнадулаб* бухьен гьечIеб хабар

НЕСГИБА́ЕМ//ЫЙ, -ая, -ое 1) кIичIулареб, гьетIуларе6, хьетIуларе6; **~ый сте́ржень** гьетIуларе6 хIос 2) *перен.* кьурулареВ, къуркьуларев; къуркьи гьечIев; **~ый челове́к** къуркьуларев чи

НЕСГОВО́РЧИВЫЙ, -ая, -ое *жиндиргун* къотIи гьабизе захIматав, рагIи данде кколарев, тIирун чIарав; **~ хара́ктер** тIирун чIараб гIамал-хасият

НЕСГОРА́ЕМЫЙ, -ая, -ое цIаялъ бухIулареб, цIа рекIунареб; **~ шкаф** цIаялъ бухIулареб шкаф

НЕСДЕ́РЖАННОСТЬ *ж (отсутствие самообладания*) сабру гьечIолъи; **отлича́ться ~ю** сабру гьечIолъиялдалъун ватIа вахъизе (цогидаздаса батIияв вукIине)

НЕСДЕ́РЖАНН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*невыполненный*) тIубазабичIеб, гIумруялде бахъинабичIеб; **~ое сло́во** тIубазабичIеб, кквечIеб рагIи 2) (*не умеющий владеть собой*) сабру гьечIев, хехав; **~ый челове́к** сабру гьечIев чи

НЕСДОБРОВА́ТЬ *сов.*: **ему́ ~** дов балагьалдаса (квари-лъиялдаса, битIгьечIолъиялдаса) ворчIизе гьечIо (гIажалалда гъун вуго)

НЕСЕРЬЁЗНОСТЬ *ж* 1) (*легкомыслие*) ургъел гьечIолъи, гIакълу гьечIолъи, тIадагьлъи 2) (*незначительность*) кIвар гьечIолъи; гьитIинлъи

НЕСЕРЬЁЗН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*легкомысленный*) тIадагьаб; ургъел, гIакълу гьечIеб 2) (*незначительный*) гьитIинаб, хIинкъи гьечIеб; **~ая ра́на** хIинкъи гьечIеб ругъун, гьитIинаб ругъун

НЕСИММЕТРИ́ ЧНЫЙ, -ая, -ое цоцада данде кколареб, цоцада рекъолареб (симметрия гьечIеб)

НЕСКАЗА́НН//ЫЙ, -ая, -ое (*чрезвычайный*) рагIабаздалъун бицун бажаруларе6, цебе чIезабизе кIолареб; гIурхъи гьечIеб; гучаб, кутакаб; **~ая ра́дость** кутакаб, бицун бажаруларе6 рохел

НЕСКЛА́ДНЫЙ, -ая, -ое 1) (*бессвязный*) бухьен, магIна гьечIеб, цоцалъ рекъечIеб; ~ **расска́з** магIна гьечIеб, лъугьинчIеб хабар 2) (*неуклюжий*) хадув вехъерхъарав, сурукъаб, гьарулъ рекъечIеб, бегIукъаб; ~ **челове́к** хадув вехъерхъарав чи 3) данде ккечIеб, рекъечIеб

НЕСКЛОНЯ́ЕМЫЙ, -ая, -ое *грам.* падежазде хисулареб (сверулареб)

НЕ́СКОЛЬК//О[1] *числ.* чанго; **~о раз** чанго нухалъ; **в ~их места́х** чанго бакIалда

НЕ́СКОЛЬКО[2] *нареч. (немного)* дагъалъ, цодагъаб; **я ~ уста́л** дун цодагъав свакана; **на́до сде́лать ~ бо́льше** дагъалъ цIикIкIун гьабизе ккола

НЕСКОНЧА́ЕМЫЙ, -ая, -ое лъугIулареб, лъугIи гьечIеб, цIакъ халатаб; **~ путь** ахир гьечIеб нух; **~ спор** лъугIулареб дагIба

НЕСКРО́МНЫЙ, -ая, -ое 1) (*неделикатный*) пахруяв, чIухIарав 2) (*хвастливый*) вещцарулев, пударулев 3) (*бесстыдный*) нич гьечIев

НЕСКРЫВА́ЕМ//ЫЙ, -ая, -ое бахчулареб, рагьараб, бихьулеб; **с ~ой ра́достью** бихьулеб рохелгун; **с ~ой зло́бой** рагьараб, бахъулареб щцингун

НЕСЛО́ЖН//ЫЙ, -ая, -ое бигьаяб, гIадатаб, захIматаб гуреб; **~ый механи́ зм** гIадатаб механизм; **~ый вопро́с** бигьаяб суал; **~ая зада́ча** бигьаяб масъала

НЕСЛЫ́ ХАННЫЙ, -ая, -ое рагIичIеб, бихьичIеб, цебе жинде щвараб букIинчIеб; ~ **успе́х** кидаго рагIичIеб бергьенлъи

НЕСЛЫ́ ШН//ЫЙ, -ая, -ое рагIулареб, хъуй гьечIеб, сасараб; гIодобе биччараб; **~ые шаги** рагIулареб хIатIил сас

НЕСМЕНЯ́ ЕМЫЙ, -ая, -ое (*постоянный*) даимаб, хисулареб

НЕСМЕ́ТН//ЫЙ, -ая, -ое хIисаб гьечIеб, хIисаб тараб, рикIкIен гIемераб, рикIкIун бажаруларе6; **~ое бога́тство** хIисаб гьечIеб бечелъи

НЕСМОЛКА́ЕМЫЙ, -ая, -ое халатаб заманалъ гьоркьоса къотIулареб, лъугIулареб; ~ **шум** гьоркьоса къотIулареб хъуй, сас

НЕСМОТРЯ́ *предлог с вин. п.* : ~ **на** гьелде, гьелъухъ балагьичIого; ~ **на си́льный дождь, мы вы́шли из до́ма** кутакаб цIадалъухъ балагьичIого, ниж рокъоса къватIире лъугьана; ~ **ни на что** сундухъго балагьичIого

НЕСМЫВА́ЕМ//ЫЙ, -ая, -ое 1) чурун тIаса унареб, нахъе унареб, тIагIунареб; **~ое пятно́** чурун нахъе унареб ланг 2) *перен.* тIаса унареб; **~ый позо́р** тIаса унареб рогьо

НЕСМЫШЛЁНЫЙ, -ая, -ое гIакълу (лъай, пикру) гьечIеб; щибго бичIчIулареб; ~ **малы́ ш** гIакълу-лъай гьечIеб лъимер

НЕСНО́СН//ЫЙ, -ая, -ое хIехьезе кIолареб, баччизе кIолареб; **~ая жара́** хIехьезе кIолареб багIари; **~ый хара́ктер** хIехьезе кIолареб гIамал-хасият

НЕСОБЛЮДЕ́НИЕ *с* тIубазабунгутIи, ккунгутIи; ~ **пра́вил** правилаби (къагIидаби) тIуразарунгутIи

НЕСО́БРАННЫЙ, -ая, -ое вакIа-вахаричIев, гIадлу-низам гьечIев; ~ **учени́к** вакIа-вахаричIев (вакIа-вахари гьечIев) цIалдохъан

НЕСОВЕРШЕННОЛЕ́ТИЕ *с* балугълъиялде вахинчIеб ригъ

НЕСОВЕРШЕННОЛЕ́ТН//ИЙ, -яя, -ее **1.** балугълъичIев; **~яя де́вушка** балугълъиялде яхинчIей яс; **~ие престу́пники** балугълъичIел такъсирчагIи **2.** *в знач. сущ.* **~ий** *м* балугълъиялде вахинчIев; **3.** *в знач. сущ.* **~яя** *ж* балугълъичIей

НЕСОВЕРШЕ́ННЫЙ[1], -ая, -ое лъугIичIеб, рагIа-ракъанде щвечIеб, камиллъичIеб, *сундуе букIаниги* мисаллъун ккола6; **~ая рабо́та** тIубан лъугIичIеб хIалтIи

НЕСОВЕРШЕ́ННЫЙ[2], -ая, -ое: *вид грам.* глаголалъул несовершенный вид

НЕСОВЕРШЕ́НСТВО *с* тIубачIолъи, камиллъунгутIи, ками, гIунгутIи, рагIа-ракьанде щвечIолъи

НЕСОВМЕСТИ́ МОСТЬ *ж* цоцалъ рекъонгутIи, дандеккунгутIи, цого заманалда *щибгунниги* цадахъ букIине бегьунгутIи; **психологи́ ческая** ~ гIамал-хасиятлъул рахъалъ дандеккунгутIи

НЕСОВМЕСТИ́М//ЫЙ, -ая, -ое цоцалъ рекъоларе6, данде кколареб, цого заманалда цадахъ букIине бегьуларе6; **~ые поня́ -тия** цоцалъ рекъоларел, данде кколарел пикраби

НЕСОВПАДЕ́НИЕ *с* цоцада дандеккунгутIи, цоцада релъгьунгутIи

НЕСОВРЕМЕ́ННЫЙ, -ая, -ое жиндир заманалъул тIалабазда данде кколареб, рекъолареб, басрияб, нахъе ккараб

НЕСОГЛА́СИЕ *с* 1) (*разногласие*) рагIи дандеккунгутIи, разилъунгутIи 2) (*разлад*) дагIба, къец 3) (*отказ*) инкар

НЕСОГЛА́СНЫЙ, -ая,-ое 1) разияб гуреб, рагIи данде кколареб; **я с ва́ми несогла́сен** дун дуда разияв гьечIо 2) (*недружный*) дагIбадулаб, гьудулаб гуреб, гьудуллъи гьечIеб

НЕСОГЛАСО́ВАННОСТЬ *ж* цоцалъ рекъезабунгутIи, цолъи гьечIолъи; дандеккей гьечIолъи

НЕСОГЛАСО́ВАНН//ЫЙ, -ая, -ое дандеккей (цолъи) гьечIеб; данд бачIеб; **~ые де́йствия** дандеккей гьечIел ишал;

НЕСОЗНА́ТЕЛЬНОСТЬ *ж* загIипаб гIакълу-лъай букIин, бичIчIи-лъай гьечIолъи, лъавукълъи

НЕСОЗНА́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое 1) пикру, бичIчIи, лъай гьечIеб; **~ый ребёнок** бичIчIи гьечIеб лъимер 2) (*безответственный*) жавабчилъи гьечIеб; **~ое отноше́ние к рабо́те** хIалтIудехун жавабчилъи гьечIеб бербалагьи

НЕСОИЗМЕРИ́М//ЫЙ, -ая, -ое 1) цогидалъул роцадалъун *жиб* борцине бегьунареб, дурусго роцен чIезабизе рес гьечIеб; цоги жинда релъгьараб гьечIеб; **~ые величи́ны** *мат.* цоцада данде кквезе бегьуларел роценал 2) *перен.* цогидабгун релъгьараб рахъ гьечIеб, *щибгунниги* данде кквезе бегьулареб; **~ые поня́тия** цIакъ гьваридал пикраби

НЕСОКРУШИ́ М//ЫЙ, -ая, -ое биххизабизе, хвезабизе, тIагIинабизе, къуркьизабизе кIолареб; **~ая си́ла** къуркьизабизе кIолареб къуват

НЕСО́ЛОНО *нареч. разг.* : ◊ **уйти́** ~ **хлеба́вши** ракIалда букIахъе ккечIого, махсараде ккун, нахъе ине; рачIаралго гIадин, мурадалде щвечIого, нахъ руссине; гьабихъа хъанда гIадин, вуссине

НЕСОМНЕ́ННО *нареч., безл. сказ., вводн. сл.* щаклъи гьечIо; **он, ~, прав** гъов, щаклъи гьечIо, витIун вуго

НЕСОМНЕ́ННЫЙ, -ая, -ое щаклъи гьечIеб; ~ **успе́х** щаклъи гьечIеб бергьенлъи

НЕСООБРАЗИ́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое квешго, хIинцго пикру гьабулев, пикруялда хадув гъоларев, гIунтIуларев, нахъгIунтIуларев (нахъгIунтIи гьечIев)

НЕСООБРА́ЗНОСТЬ *ж сунде букIаниги* дандеккунгутIи, рекъонгутIи; рагIул, каламалъул, гьабураб ишалъул магIна гьечIолъи, ахIмакълъи

НЕСООБРА́ЗНЫЙ, -ая, -ое (*нелепый, бессмысленный*) магIна гьечIеб, ахIмакъаб, данде кколареб, гIакълуялда рекъолареб

НЕСООТВЕ́ТСТВИЕ *с лъиданиги, сунданиги гьоркьоб* дандеккунгутIи; ~ **хара́ктеров** гIамалазул дандеккунгутIи

НЕСОРАЗМЕ́РНОСТЬ *ж* ращалъи, цокIаллъи гьечIолъи, роцада (роцалъ) рекъонгутIи

НЕСОРАЗМЕ́РНЫЙ, -ая, -ое бащадаб гуреб, цокIаллъи гьечIеб, роцада рекъолареб; ~ **с их си́ лами труд** гьезул къуваталда рекъолареб (данде кколареб) захIмат, хIалтIи

НЕСОСТОЯ́ТЕЛЬНОСТЬ *ж* 1) *юр. жиндирго* налъи бецIизе, тIадебоси тIубазабизе рес гьечIолъи 2) (*необеспеченность*) мискинлъи, гIураб рес гьечIолъи 3) (*необоснованность*) гIураб кьучI гьечIолъи, божизе захIмалъи

НЕСОСТОЯ́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое 1) *юр. жиндирго* налъи бецIизе, тIадебоси тIубазабизе рес гьечIев; **~ый должни́к** налъи бецIизе кIоларев къарзилав 2) (*небогатый*) ресукъав, мискинав; **~ые лю́ди** ресукъал, мискинал гIадамал 3) (*необоснованный*) кьучI гьечIеб, божизе захIматаб; **~ый вы́ вод** кьучI гьечIеб хIасил

НЕСПЁЛ//ЫЙ, -ая, -ое барщичIеб, тIубан барщичIеб; **~ое я́ блоко** барщичIеб гIеч

НЕСПЕ́ШН//ЫЙ, -ая, -ое 1) *см.* **неторопли́ вый** 2) хехлъи, гIедегIи тIалаб гьабулареб, хIинцго гьабизе бегьулеб; **~ая рабо́та** хехлъи тIалаб гьабулареб (хехго гьабизе кколареб) хIалтIи; гьаругьинан, гIедегIичIого гьабулеб

НЕСПОКО́ЙН//ЫЙ, -ая,-ое рахIат гьечIеб, цо хIалалда чIоларе6, чIезе къадар лъугIараб; **~ый челове́к** рахIат хварав чи; **~ый хара́ктер** паракъат чIоларе6, гьалагаб гIамал; **~ое вре́мя** рахIат хвараб, хIалхьи гьечIеб заман

НЕСПОСО́БНОСТЬ *ж* бажари, пагьму, гьунар гьечIолъи, щибниги гьабизе лъангутIи

НЕСПОСО́БНЫЙ, -ая, -ое 1) (*неодаренный*) пагьму, гьунар гьечIев; **~ к рисова́нию** суратал рахъизе гьунар гьечIев; **~ ма́льчик** пагьму-гьунар гьечIев вас 2) (*непригодный для чего-л.*) санаГIалъи гьечIеб, *сундуениги* ярагьунареб; **я неспосо́бен на таку́ю по́длость** гьединаб ягъзинлъиялъе (къабихIаб ишалъе) дир гьунар гьечIо

НЕСПРАВЕДЛИ́ ВОСТЬ *ж* тIекълъи, ритIухълъи гьечIолъи, ритIухълъи хвезаби

НЕСПРАВЕДЛИ́В//ЫЙ, -ая, -ое тIекъаб, мекъаб, ри-тIухълъи хвезабулеб, гьелда данде кколареб; **~ый челове́к** тIекъав чи; **~ое мне́ние** мекъаб пикру

НЕСПРОСТА́ *нареч.* гIадада гуро, чIалгIаде гуро, жого гьечIого гуро; **он приходи́л ~** гъов гIадада гуро вачIун вукIарав

НЕСПРЯГА́ЕМ//ЫЙ, -ая, -ое *грам.*: **~ая фо́рма глаго́ла** глаголалъул хисулареб (спряжение гьечIеб) форма

НЕСРАВНЕ́ННО *нареч.* 1) (*превосходно*) кутакалда лъикI, тIокI; **он ~ поёт** дос кутакалда лъикI кечI ахIула 2) *со сравн. ст. прил. и нареч.* цIакъ лъикI, тIокI; **~ лу́чше** цIакъго лъикI; **~ краси́вее** цIакъ берцинго

НЕСРАВНЕ́ННЫЙ, -ая, -ое жинда релълъараб цоги гьечIеб, гьайбатаб, тIокIаб; **~ тала́нт** цIакъ кутакаб, тIадегIанаб гьунар

НЕСРАВНИ́ М//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*очень хороший*) цIакъ лъикIаб 2) (*различный, непохожий*) цIакъ батIияб, сунданиги релълъинчIеб, миркалъ релълъинчIеб, данде кквезего бегьулареб

НЕСТАНДА́РТН//ЫЙ, -ая, -ое роцада гьабичIеб, гIадатияб гуреб; **~ое обору́дование** гIадатияб гуреб, (роценалда) стандарталда рекъон гьабичIеб оборудование; **~ая ме́бель** стандарталда рекъон гьабичIеб (цIакъ батIияб куцалъ гьабураб) мебель

НЕСТЕРПИ́МЫЙ, -ая, -ое хIехьезе, баччизе кIоларе6; ~ **хо́лод** хIехьезе кIоларе6 квач

НЕС//ТИ́ *несов.* 1) *кого-что* босизе; баччизе; **~ти́ мешо́к на спине́** мугъзада (лъун) хъап босизе 2) *что (выполнять)* тIубазабизе; **~ти́ дежу́рство** дежурство тIубазабизе, гьабизе; **~ти́ обя́занности** кассира кассирасул тIадал ишал тIуразаризе 3) *что (терпеть)* хIехьезе, баччизе; **~ти́ наказа́ние** тамихI хIехьезе; **~ти́ убы́тки** зарал ккезе) 4) *что (гнать, мчать)* хъамизе; **ве́тер ~ёт ту́чи** гьороца накIкIал хъамулел руго 5) (*пахнуть, дуть*) махI букIине; босун бачIине; **от него́ ~ёт табако́м** досдасан танхьил махI букIуна; **отку́да-то ~ёт хо́лодом** кисанали квач бачIунеб буго 6) *что, разг. (болтать)* цIалкIизе; **~ти́ чепуху́** чIанда цIалкIизе 7) *что (о птицах)* – гьари́ зе; **ку́рица ~ет я́йца** гIанкIуялъ ханал гьарула 8) *безл. разг. (слабить)* виххизе, риххел цвезе ◊ **~ти́ отве́тственность** жавабчилъи тIаде босизе; **высоко́ ~ти́ го́лову** бетIер борхатго кквезе, къадру цIунизе

НЕС//ТИ́ СЬ[1] *несов.* 1) (*быстро двигаться*) хехго ине; **~ти́сь вскачь** ункъида кIанцIун, ине 2) (*распространяться – о звуках, запахе*) тIиритIизе, рагIизе; **~у́тся пе́сни** кочIол бакънал тIиритIулел руго 3) (*о времени*) боржун ине

НЕСТИ́ СЬ[2] *несов. (нести яйца)* ханал гьаризе

НЕСТО́ЙК//ИЙ, -ая, -ое : 1) **~ие духи́** хехго махI лъугIулеб унеб духи; **~ая кра́ска** хехго кьер унеб релъен 2) (*о человеке*) чIара-хьарав гурев, къвакIа-шакIи гьечIев (чи)

НЕСТО́ЯЩ//ИЙ, -ая, -ее *разг.* пайда гьечIеб, къимат гьечIеб; *сундуениги* ярагьунареб, пикру-кIваралъе мустахIикъаб гьечIеб; **~ее де́ло** пайда гьечIеб иш

НЕСТРОЕВ//О́Й[1]**,** -ая, -ое 1) рагъулал ишал гьаруларел аскаразда бухьараб; 2) *гьединал* аскаразул хъулухъчи; **~а́я кома́нда** битIахъе рагъ гьабулареб, рагъда гIахьаллъулареб команда

НЕСТРОЕВО́Й[2], -ая, -ое (*о лесе*) бакIал раялъе ярагьунареб, хIалтIизабулареб (*цIул*),

НЕСТРО́ЙН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*о фигуре*) чIурканлъи, узданлъи гьечIеб (*черх, лага, къаркъала*) 2) (*беспорядочный*) низам гьечIеб; **~ые ряды́** низам гьечIел кьерал 3) (*о звуках*) цоцалъ рекъечIел

НЕСУДОХО́ДНЫЙ, -ая, -ое гама хьвадулареб, гама унареб (*гIор, хIор*)

НЕСУРА́ЗНОСТЬ *ж* магIна гьечIолъи, гIантлъи, рекъечIолъи, рекъечIеб жо

НЕСУРА́ЗН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*нелепый, бессмысленный*) магIна гьечIеб, ахIмакъаб, гIантаб, рекъечIеб; **~ый разгово́р** ахIмакъаб гара-чIвари 2) (*неуклюжий*) сурукъаб, бегIукъаб; **~ая фигу́ра** сурукъаб къаркъала

НЕСУЩЕ́СТВЕННН//ЫЙ, -ая, -ое кIвар гьечIеб, кIиабилеб кIваралъул, гIемер кIудияб кIвар гьечIеб; **~ое разли́чие** бицинегIанасеб гуреб, гIемер кIудияб кIвар гьечIеб, батIалъи гьечIеб

НЕСХО́ДН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*непохожий*) релълъинчIеб, релълъен гьечIеб 2) (*неподходящий*) хайир гьечIеб, данде кколареб; **~ая цена́** данде кколареб багьа

НЕСХО́ДСТВО *с* батIалъи, релълъенгьечIолъи

НЕСЧАСТЛИ́ В//ЫЙ, -ая,-ое талихI гьечIев, талихI кьечIев, талихI къосарав; **быть ~ым** талихI гьечIевлъун вукIине; **~ый день** талихI къосараб (къараб) къо

НЕСЧА́СТНЫЙ, -ая,-ое 1) (*несчастливый*) талихI, рохел гьечIеб; талихI къосараб, къараб 2) (*жалкий, ничтожный*) гурхIилеб гIадаб, пакъираб, хIакъираб; **~ слу́чай** талихI къосараб лъугъа-бахъин

НЕСЧА́СТЬ//Е *с* 1) балагъ, талихI къосин, талихI гьечIолъи; **с ним произошло́ ~е** досул талихI къосараб иш ккана 2) *в знач. вводн. сл.* : **к ~ю** талихI гьечIолъи, талихI къосин

НЕСЧЁТН//ЫЙ, -ая.-ое хIисаб тун гIемераб, хIисаб гьечIеб; **~ые си́лы** хIисаб (рикIкIен) тун гIемерал къуватал, рикIкIун хIал кIоларел къуватал

НЕСЪЕДО́БН//ЫЙ, -ая, -ое кваназе бегьулареб; **~ые грибы́** кваназе бегьуларел гIурдахIанал

НЕСЫ́ТН//ЫЙ, -ая, -ое гIорцIулареб, ракъи кколареб; **~ая еда́** гIорцIулареб квен

НЕТ 1. *частица* 1) *отриц.*: **ты сего́дня придёшь и́ли нет?** мун жакъа вачIиневищ яги вачIинаревищ?; **почему́ ~?** щай гьечIеб?; **я курю́ , а он ~** дица хъалиян цIала, гъос цIаларо; **э́ то ве́рно? нет!** гьеб битIун бугебищ? гьечIо! 2) *усил.* гуро; **~, ты послу́шай!** гуро, мун гIенекке! **2.** (*не имеется*) гьечIо; **у меня́ ~ вре́мени** дир заман гьечIо; **~ ли у тебя́ карандаша́?** къалам гьечIищ духъ?; **е́го ~ до́ма** дов рокъов гьечIо; **у меня́ ~ де́нег** дир гIарац гьечIо **3.** *в знач. сущ.* ~ *м уст.* гьечIоялъе ◊ **на нет и суда́ ~** гьечIоялъе диванги гьечIо ◊ **свести́ на ~** тIубанго, ахиралде цвезегIан тIагIинабизе; **его́ ~ как ~** дов тIуванго, миркалъго гьечIо (вачIун гьечIо)

НЕТАКТИ́ ЧНОСТЬ *ж* адаб-хъатир, хIурмат гьечIолъи

НЕТАКТИ́ЧНЫЙ, -ая, -ое адаб-хъатир гьечIеб, хIурмат гьечIеб (*гьоркьоблъи*); **~ посту́пок** адаб-хъатир гьечIеб иш

НЕТВЁРД//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*мягкий*) тамахаб; **~ий грунт** тамахаб ракь 2) (*неуверенный*) таваккал гьечIев; **~ый шаг** таваккал гьечIеб гали 3) *перен.* ракIчIей, божи гIолареб, щулияб гуреб; **~ые зна́ния** щулияб гуреб (загIинаб) лъай

НЕ́ТЕЛЬ *м* гIачIар, натIихI (*жеги къинлъичIеб гIолохъанаб гIака*)

НЕТЕРПЕЛИ́ ВЫЙ, -ая, -ое сабру гьечIев, яхI гьабизе, чIезе кIоларев; **~ челове́к** сабру гьечIев чи

НЕТЕРПЕ́НИЕ *с* сабру гьечIолъи, яхI гьабизе, чIезе кIунгутIи; **ждать с ~м** сабру гьечIого, хал ккун, балагъун чIезе

НЕТЕРПИ́МОСТЬ *ж* 1) (*недопустимость*) хIехьезе кIунгутIи 2) (*нетерпимое отношение к кому-чему-л.*) *лъидехунниги, сундехунниги* хIехьезе кIоларе6 бербалагьи

НЕТЕРПИ́М//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*недопустимый*) хIехьезе, тIад рекъезе бегьулареб; **~ое поведе́ние** хIехьезе кIоларе6, тIад рекъезе бегьулареб хьвада-чIвади 2) (*не терпящий кого-чего-л.*) *щивниги, щибниги* хIехьезе, *гьезда* тIад рекъезе, *гьел* ритIухъ гьаризе кIоларев; **~ый челове́к** жиндирабго гурони, чияраб баккизе толарев чи (чияда тIад, гьез гьабуралда рекъоларев чи)

НЕТОВА́РИЩЕСКИЙ, -ая, -ое гьалмагъасулаб гуреб

НЕТОРОПЛИ́ ВЫЙ, -ая, -ое гIодове виччарав, гIедегIуларев, сабурав

НЕТО́ЧНОСТЬ *ж* 1) дурус, битIун гьечолъи, гьалатI; ~ **подсчётов** хIисаб-суалазул дуруслъи гьечIолъи 2) (*ошибка*) гьалатI

НЕТО́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое дуруслъи гьечIеб, гъалатI биччалеб; **~ые часы́** битIун хьвадуралеб (хIалтIулареб) сагIат

НЕТРАДИЦИО́Н//НЫЙ, -ная, -ное гIадатияб гуреб, цIияб, цIилъи бугеб; **~ная медици́на** гIадатияб гуреб къагIидаялда сах гьарулеб медицина

НЕТРЕ́БОВАТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое 1) кIудияб тIалаб гьечIеб; **~ый учи́тель** кIудияб тIалаб гьечIев учитель 2) (*неприхотливый, скромный*) дагьалда разияв, чIухIдаруларев, гIемер жо къваригIунарев

НЕТРЕ́ЗВ//ЫЙ, -ая, -ое мехтарав, гьекъарав, вигьинчIев; **в ~ом ви́ де** мехтараб хIалалда

НЕТРО́НУТ//ЫЙ, -ая, -ое квер хъвачIеб, байбихьичIеб; **~ая еда́** квер хъвачIеб (кваназе байбихьичIеб) квен

НЕТРУ́ ДН//ЫЙ, -ая, -ое бигьаяб, захIматаб гуреб; **~ая рабо́та** бигьаяб хIалтIи

НЕТРУДОВ//О́Й, -ая, -ое 1) захIматчи гурев; **~а́я часть населе́ния** халкъалъул захIматчагIазулаб гуреб бутIа 2) (*получаемый не от своего труда*) живго хIалтIун щвараб гуреб, чияр захIматалдалъун щвараб; **~о́й дохо́д** чияр захIматалдалъун (*хIалтIичIого*) щвараб хайир

НЕТРУДОСПОСО́БНОСТЬ *ж* хIалтIун бажарунгутIи; **по́лная ~** тIубанго хIалтIизе кIунгутIи; **части́чная ~** цо къадараль хIалтIизе кIунгутIи; **вре́менная ~** заманаялъ хIалтIун бажарунгутIи

НЕТРУДОСПОСО́БНЫЙ, -ая, -ое хIалтIизе бажарулареб, хIалтIизе кIолареб

НЕ́ТТО *прил. неизм. и нареч. торг. (жиб жаниб лъуралъул малъичIого*) къайидул бацIцIадаб бакIлъи́, цIайи

НЕ́ТУ *разг. см.* **нет**

НЕУБЕДИ́ТЕЛЬНОСТЬ *ж* якъинлъи гьечIолъи; **~ до́водов** хIужжабазул, далилазул якъинлъи гьечIолъи (гIурал хIужжаби гьечIолъи)

НЕУБЕДИ́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое ракIчIей гьечIеб, ракI чIезе гьабулареб, божизе, ракI чIезе захIматаб, якъинлъи гьечIеб

НЕУ́БРАННЫЙ, -ая, -ое 1) (*о комнате и т.п.*) бакIа-бахаричIеб 2) (*об урожае*) бакIаричIеб, бахъичIеб

НЕУВАЖЕ́НИЕ *с* хIурмат гьабунгутIи, хъатир гьечIолъи; **~ к ста́ршим** чIахIиязул хIурмат гьабунгутIи, чIахIияздехун адаб гьечIолъи

НЕУВАЖИ́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*беспричинный*) гIилла гьечIеб; **~ая причи́ на** гIолареб гIилла 2) (*непочтительный*) хIурмат гьабулареб; **~ый челове́к** хIурмат гьабуларев чи

НЕУВЕ́РЕННОСТЬ *ж* божунгутIи, ракIчIунгутIи, щаклъи; **~ в себе́** жиндаго ракIчIунгутIи

НЕУВЕ́РЕННЫЙ, -ая, -ое 1) тIубан божуларев, ракI чIечIев, щакдарулев; **~ в себе́** жиндаго ракI чIоларев, божуларев; **~ в свои́х си́лах** жиндирго къуваталда щакдарулев 2) (*нерешительный*) таваккал гIечIеб, гIолареб; **~ отве́т** ракI чIечIеб, щакаб, таваккал гIечIеб жаваб

НЕУВЯДА́ЕМ//ЫЙ, -ая, -ое бечIалареб, бакъваларе6; *перен.* заман аниги, жиндир кIвар, къуват холареб, лъугIел гьечIеб; **~ая сла́ва** сунареб рецц, даимаб машгьурлъи

НЕУВЯ́ЗК//А *ж разг.* бухьен, хурхен гьечIолъи; бичIчIунгутIи; **~а в рабо́те** хIалтIулъ бухьен гьечIолъи

НЕУГАСИ́ М//ЫЙ, -ая, -ое 1) (**постоя́ нно горя́ щий**) кидаго сунареб, свин гьечIеб, рекIухъе букIунеб; **~ый ого́нь** кидаго сунареб цIа 2) *перен. (не ослабевающий)* чучулареб; **~ая не́нависть** чучулареб рокьукълъи, щцин

НЕУГО́ДНЫЙ, -ая, -ое ракIалъ восуларев, рихарав, вокьуларев

НЕУГОМО́ННЫЙ, -ая, -ое 1) (*непрекращающийся*) къотIулареб, гьоркьоса къотIулареб 2) (*беспокойный*) рахIат лъалареб, гIодобе биччай гьечIеб, цо хIалалда чIезе кIолареб; **~ ребёнок** цо хIалалда чIолареб лъимер

НЕУДА́Ч//А *ж* битIккунгутIи, талихI кьунгутIи; талихI гьечIолъи; ишалъул битI ккечIеб, лазат бахъараб хIасил

НЕУДА́ЧЛИВЫЙ, -ая, -ое талихI кьечIеб; **~ челове́к** талихI кьоларев, битI кколарев чи

НЕУДА́ЧНИК *м* талихI гьечIев, битI кколарев чи, дуниялбигъ

НЕУДА́ЧНИЦА *ж* талихI гьечIей гIадан, дуниялбигъ

НЕУДА́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*закончившийся неудачей*) квешаб хIасилгун лъугIараб, битI ккечIеб; **~ая охо́та** битI ккечIеб чанаре рахъин 2) (*плохой*) квешаб, ракIалда букIинчIеб; къадараб; **~ая фотогра́фия** къадараб сурат

НЕУДЕРЖИ́ МЫЙ, -ая,-ое чIезабизе, кквезе кIолареб; цIакъ гучаб; **~ пото́к** чIезабизе кIолареб (гучаб) чвахи ◊ **~ смех** кквезе кIолареб релъи

НЕУДИВИ́ ТЕЛЬНО *в знач. сказ.* тамаша гуро, хIикмалъи гуро

НЕУДО́БНО 1. *нареч.* санагIат гьечIого, рекъон гьечIого **2.** *в знач. сказ. безл.* санагIалъи гьечIо; **здесь сиде́ть ~** гьанир гIодор чIезе рекъон гьечIо 3. *в знач. сказ. безл. кому* санагIат букIинчIо, рекъон букIинчIо; **мне ~ бы́ло говори́ть э́то** дица гьеб абизе рекъон букIинчIо

НЕУДО́БН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*без удобств*) санагIалъи гьечIеб, квегIенлъи гьечIеб, рекъечIеб; **~ая кварти́ра** санагIалъи гьечIеб квартира 2) *перен. (неприятный*) рокьукъаб, рекъечIеб, санагIалъи гьечIеб; **попа́сть в ~ое положе́ние** санагIалъи гьечIеб хIалалде ккезе 3) *перен. уст. (неуместный*) рекъечIеб, данде кколаре6; **~ое выраже́ние** рекъечIеб калам

НЕУДОБОВАРИ́ М//ЫЙ, -ая, -ое 1) бихIинабизе захIматаб; **~ая пи́ща** бихIинабизе захIматаб квен 2) *перен. ирон. (трудный для понимания*) бичIчIизе захIматаб; **~ая статья́** бичIчIизе захIматаб статья

НЕУДО́БСТВО *с* 1) санагIат гьечIолъи, рекъонгутIи 2) (*смуще́ние, нело́вкость*) нечей, намуслъи

НЕУДОВЛЕТВОРЁННОСТЬ *ж* разилъунгутIи, рази гьечIолъи, хIалхьунгутIи

НЕУДОВЛЕТВОРЁННЫЙ, -ая, -ое разилъичIеб, рази гьечIеб, разияб гуреб; хIал хьечIеб, мурад тIубачIеб

НЕУДОВЛЕТВОРИ́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое рази гьаруларе6, тIалабазе жаваб кьоларе6, хIал хьезабулареб, квешаб; **~ отве́т** квешаб, рази гьаруларе6 жаваб

НЕУДОВО́ЛЬСТВИЕ *с лъиданиги, сунданиги* разилъунгутIиялъул, *гьезда* рекъонгутIиялъул асар; **вы́разить своё ~** жиндирго разилъунгутIи (рази гьечIолъи) загьир гьабизе

НЕУЖЕ́ЛИ *частица* унго; **~ э́ то пра́вда?** унго гьеб битIарабищ?; **~ он не придёт?** унго гьов вачIинаревищ?

НЕУЖИ́ ВЧИВЫЙ, -ая, -ое цогидазулгун хIал, гIамал рекъоларев; **~ челове́к** цогидазулгун гIамал рекъоларев чи

НЕУЗНАВА́ЕМОСТ//Ь *ж*: **измени́ться до ~и** лъазе кIоларедухъ, къосинедухъ хисизе

НЕУЗНАВА́ЕМЫЙ, -ая, -ое лъазе кIоларедухъ хисараб, къосинедухъ хисараб

НЕУКЛО́ННО *нареч.* хисичIого, кьуричIого, щулаго

НЕУКЛО́ННЫЙ, -ая, -ое кьуруларе6, хисуларе6, даимаб; **~ рост промы́шленности** промышленносталъул даимаб цебетIей (тIаде цIикIкIин)

НЕУКЛЮ́ЖИЙ, -ая, -ое тантрахъаб, хIинцаб; сверел гьечIеб; тирилъи гьечIеб; махщалида, берцинго гьабичIеб, бегIукъаб

НЕУКРОТИ́М//ЫЙ, -ая, -ое квегъизе кIолареб, квегъун буссунареб, кквезе кIолареб; **~ое весе́лье** кутакаб рохел; **~ый гнев** гIодобе буссинабизе кIолареб щцин

НЕУЛОВИ́ М//ЫЙ, -ая, -ое 1) кодобе щолареб, кквезе кIолареб, цо бакIалда батуларе6; **~ый челове́к** кодове щоларев, кивго ватуларев чи 2) *перен. (еле заметный*) бихьулеб-бихьуларе6, лъалеб-лъаларе6, хIалица гурони лъаларе6; **~ая ра́зница** цIакъ гьитIинаб, хIалица гурони лъаларе6 батIалъи

НЕУМЕ́Л//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*неумелый*) хIалбихьи гьечIеб, махщел гьечIеб; **~ые ру́ки** махщел гьечIел кверал; **~ый рабо́тник** хIалбихьи гьечIев хIалтIухъан 2) (*сделанный неискусно*) гьунар-махщел гьечIого, гьабураб, усалаб; **~ая рабо́та** усалаб, махщел гьечIого, гьабураб хIалтIи; **~ые де́йствия** гьунар гьечIого, гьарурал ишал

НЕУМЕ́НИ//Е *с* бажарунгутIи, лъангутIи; **по ~ю** лъангутIиялъ, лъангутIиялдалъун; **~е рабо́тать** хIалтIизе лъангутIи

НЕУМЕ́РЕННОСТЬ *ж* гIорхъолъа ин; **~ в еде́** кванилъ гIорхъолъа ин

НЕУМЕ́РЕНН//ЫЙ, -ая, -ое гIорхъолъа араб, гIорхъодаса бахъараб; **~ое употребле́ние пи́ щи** гIорхъолъа ун, гIемер кванай

НЕУМЕ́СТНЫЙ, -ая, -ое жиндир бакIалда, заманалда абичIеб, гьабичIеб *ва гь.ц.*; **~ вопро́с** бакI гуреб бакIалда кьураб суал, рекъечIеб суал

НЕУ´ МНЫЙ, -ая, -ое ахIмакъаб, гIадалаб, гIантаб, цIодораб гуреб

НЕУМОЛИ́МЫЙ, -ая, -ое 1) (*непреклонный*) гьетIизавизе кIоларев; гурхIел гьечIев; къуркьуларев; **~ челове́к** къуркьуларев чи 2) *перен. (непреложный, твердый*) хисулареб, щулияб; **~ ход исто́рии** тарихалъул хисулареб ин; щаклъизе, дагIба базе бакI гьечIеб; нахъбуссинабизе кIолареб, лъугьинчIого рес гьечIеб

НЕУМОЛКА́ЕМЫЙ, -ая, -ое гьоркьоса къотIичIого, гьаркьагъунеб, чIей гьечIеб, лъугIулареб; **~ шум** гьоркьоса къотIулареб хъуй

НЕУМО́ЛЧНЫЙ, -ая, -ое *см.* **неумолка́емый**

НЕУМЫ́ШЛЕННЫЙ, -ая, -ое ургъунго гьабичIеб, квешаб нияталда гьабичIеб, ракIалда гьечIого, ккараб, гьадинго ккараб; **~ обма́н** лъачIого ккараб (гьабураб) хIилла-рекIкI

НЕУНЫВА́ЮЩИЙ, -ая, -ее кидаго пашманлъуларев, къварилъуларев, аваданав, рази-ракияв

НЕУПЛА́ТА *ж* кьунгутIи, нахъ буссинабунгутIи, бецIунгутIи; **~ долго́в** налъаби рецIунгутIи

НЕУПОТРЕБИ´ ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое хIалтIизабулареб, пайда босулареб; **~ое сло́во** хIалтIизабулареб рагIи

НЕУРАВНОВЕ́ШЕННОСТЬ *ж* цо хIалалда чIунгутIи, цо хIал ккунгутIи, хисарди

НЕУРАВНОВЕ́ШЕННЫЙ, -ая, -ое цо хIалалда чIолареб, цо хIал кколареб, хисардулеб; **~ челове́к** цо хIалалда чIоларев чи

НЕУРОЖА́Й *м* хурукълъи, хур бачIунгутIи, гIодобегIанаб, квешаб бачIин; **~ хле́ба** тIощел бачIунгутIи (тIощалил гIодобегIанаб бачIин)

НЕУРОЖА́ЙНЫЙ, -ая, -ое хурукъаб, тIощаликъаб, бачIин къадараб; **~ год** бачIин къадараб сон

НЕУРО́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*не установленный договором*) къотIиялдалъун чIезабичIеб 2) (*необычный, неподходящий*) данде кколареб; **в ~ое вре́мя** данде кколареб заманалда

НЕУРЯ´ ДИЦ//А *ж разг.* 1) (*беспорядок*) бада-гъудур, низам биххи; **в до́ме ~а** рокъоб гIадлу биххун буго 2) *мн.* **~ы** (*ссоры*) дагIба-рагIи, къец, кьал

НЕУСИ´ ДЧИВ//ЫЙ, -ая, -ое цо хIалтIуда тIад гIемер мехалъ чIоларев, чIезе кIоларев; **быть ~ым** халатаб заманалъ *сунданиги* тIадчIей гьабизе кIоларев, кIоларевлъун вукIине

НЕУСПЕВА́ЕМОСТЬ *ж* цIалулъ нахъеккей, нахъахутIи; гIодобегIанаб лъай букIин

НЕУСПЕВА́ЮЩИЙ, -ая, -ее **1.** цIалулъ нахъе ккарав, нахъа хутIарав; гIодобегIанаб лъай бугев; **~ учени´ к** цIалулъ нахъе ккарав цIалдохъан **2.** *в знач. сущ. ~ м* нахъеккарав

НЕУСПЕ́Х *м* битIккунгутIи, бергьунгутIи

НЕУСТА́НН//ЫЙ, -ая, -ое свак гьечIеб, даимаб, чIей гьечIеб; **~ая забо́та** свак гьечIеб тIалаб-агъаз

НЕУСТО́ЙК//А *ж юр.* къотIи хвеялъул гIакIа неустойка (*къотIи гьабуразул цояз тIадебоси хвезабуни, кьезе бихьизабураб гIакIа):* **уплати´ ть ~у** къотIи хвеялъул гIакIа кьезе

НЕУСТО́ЙЧИВОСТЬ *ж* 1) щулияб кьучI гьечIолъи, щулалъи гьечIолъи 2) (*непостоянство*) хисарди, цо хIалалда чIунгутIи 3) *перен. (напр. взглядов*) цо ккураб пикру гьечIолъи; **~ хара́ктера** цо ккураб гIамал гьечIолъи

НЕУСТО́ЙЧИВ//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*шаткий*) гьетIарулеб, хьвагIолеб, щванкIолеб; **~ая ло́дка** щванкIолеб раса 2) (*непостоянный*) хисардулеб, цо хIалалда чIолареб; **~ая пого́да** хисардулеб гьава-бакъ 3) *перен. (напр. во взглядах*) цо ккураб пикру гьечIеб, чIара-хьараб гуреб

НЕУСТРАНИ´ М//ЫЙ, -ая, -ое тIагIинабизе кIолареб, жиндаса эркенлъизе, ратIалъизе захIматаб; **~ые поме́хи** тIагIинаризе кIоларел квалквалал

НЕУСТРАШИ´ МЫЙ, -ая, -ое хIинкъизавизе кIоларев, бахIарчияв, хIинкъи лъаларев; **~ во́ин** хIинкъи лъаларев рагъухъан

НЕУСТРО́ЕНН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*неналаженный*) квешаб низамалда бугеб, лъикI гIуцIичIеб, тIолабго хIажаталдалъун хьезабичIеб, жиндир къагIидаялде ккун бахъинчIеб; **~ая жизнь** хIажаталдалъун хьезабичIеб гIумру 2) (*о человеке*) гIумруялда хIажаталдалъун хьечIев, гIумру жеги рахънибе ккечIев (*чи*)

НЕУСТУ´ ПЧИВЫЙ, -ая, -ое тIирун чIарав, тIирарав, жиндирабго ккурав, къотIиялде вачIунарев; **~ челове́к** тIирун чIарав чи

НЕУСЫ́ПНЫЙ, -ая, -ое хадуса бичIулареб, гьоркьоса къотIулареб, тохлъулареб, гъапуллъулареб, цIодораб, рорчIи ккураб; **~ надзо́р** тохлъуларе хъаравуллъи

НЕУТЕШИ́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое ракI бохулареб, гIодобе биччаларе, гIодоцунареб; хIал хьоларе, рохизаруларе, къварид гьарулеб; **~ые ве́сти** гIодоре риччазаруларел харбал

НЕУТЕ́ШН//ЫЙ, -ая, -ое бигьа гьабизе, гIодобе биччазабизе, гIодоцинабизе кIолареб; **~ое го́ре** гIодоцинабизе, дагь гьабизе кIолареб къваралъи-пашманлъи

НЕУТОЛИ́М//ЫЙ, -ая, -ое гIодоцунареб, гIодобе буссунареб, хIехьезе кIолареб; **~ая жа́жда** нахъбуссунареб къеч

НЕУТОМИ́МЫЙ, -ая, -ое свак лъаларе, свакалареб, свак гьечIеб; **~ путеше́ственник** свак лъаларев сапарчи

НЕ́УЧ *м разг.* жагьилчи, лъай гьечIев чи

НЕУЧТИ´ ВОСТЬ *ж* адаб-хъатир, хIурмат гьечIолъи; хIурмат гьечIеб иш, гIамал, рагIи *ва гь.ц.;* **сказа́ть ~** хIурмат рехараб рагIи абизе

НЕУЧТИ´ В//ЫЙ, -ая, -ое адаб-хъатир гьечIев, хIурмат гьабуларев; **~ое замеча́ние** хIурмат тараб бадибчIвай

НЕУЮ́ТН//ЫЙ, -ая, -ое квегIенлъи, рахIатаб гIумруялъе хIажатал шартIал гьечIеб; **~ая ко́мната** хIажатал шартIал гьечIеб рукъ

НЕУЯЗВИ´ М//ЫЙ, -ая. -ое гIайиб чIвазе, квер базе кIоларе; загIипал рахъал, гIунгутIаби ратизе захIматаб; лъикIаб, тIокIаб; **~ое доказа́тельство** щулияб хIужжа, далил

НЕФРИ´ Т[1] *м мин.* нефрит

НЕФРИ´ Т[2] *м мед.* нефрит, ургьисалаби гьорой

НЕФТЕАППАРАТУ́РА *ж* нефтеаппаратура (*нефть-чIегIернарт бахъиялъе хIажалъулеб аппаратура*)

НЕФТЕБА́ЗА *ж* нефтебаза, нефталъул (чIегIернарталъул) база

НЕФТЕДОБЫВА́ЮЩ//ИЙ, -ая, -ее чIегIернарт бахъулеб (бахъиялъул); **~ая промы´шленность** чIегIернарт бахъиялъул промышленность

НЕФТЕНАЛИВН//О́Й, -а́я, -о́е чIегIернат жанибе тIолеб; **~о́е су́дно** чIегIернарт тIолеб гама, *гьеб* баччулеб гама

НЕФТЕНО́СН//ЫЙ, -ая, -ое чIегIернарт бугеб; **~ые зе́мли** чIегIернарт бугел ракьал

НЕФТЕОЧИ´ СТКА *ж* чIегIернарт бацIцIад гьаби

НЕФТЕПЕРЕГО́ННЫЙ, -ая, -ое нефталдаса продуктаби ратIа гьарулеб, рахъулеб; **~ заво́д** нефталдаса продуктаби рахъулеб завод

НЕФТЕПЕРЕРАБА́ТЫВАЮЩИЙ, -ая, -ое чIегIернарт (цIидасан) къачIалеб

НЕФТЕПРО́ВОД *м* нефть яги гьелдасан рахъарал продуктаби *киренги* кьабизе лъурал турбаби, рогIрал, чIегIернартил рогIрал

НЕФТЕПРОДУ́КТ//Ы *мн.* (*ед.* **нефтепроду́кт** *м*) чIегIернарталдасан рахъарал продуктал (*бензин, нарт, мазут*)

НЕФТЕПРО́МЫСЕЛ *м* чIегIернарт бахъулеб предприятие

НЕФТЕПРОМЫ́ШЛЕННОСТЬ *ж* чIегIернартил промышленность

НЕФТЕПРОМЫ́ШЛЕННЫЙ, -ая, -ое чIегIернартил промышленносталъул(аб)

НЕФТЕХРАНИ́ЛИЩЕ *с* чIегIернарт цIунулеб бакI

НЕФТЬ *ж* нефть, чIегIернарт

НЕФТЯ´ НИК *м* нефтяник (*нефталъун промышленносталъул хIалтIухъан, гьединго нефталъул специалист*)

НЕФТЯН//О́Й, -а́я, -о́е нефталъул бахъулеб, нефталъул; **~о́й за́пах** нефталъул махI; **~ая вы´ шка** (*нефть бахъулеб*) буругъ; **~о́й дви´ гатель** нефталда (нефталъ) хIалтIулеб мотор

НЕХВА́ТКА *ж разг.* гIунгутIи, ками; **~ рабо́чей си´ лы** хIалтIул къуват гIунгутIи

НЕХИ́ТРЫЙ, -ая, -ое 1) (*простодушный*) сихIираб гуреб, сихIирлъи гьечIеб, хIиллаяб гуреб 2) *разг. (несложный)* бигьаяб, гIадатаб, жуба-гъубараб гуреб

НЕХОДОВО́Й, -ая, -ое *разг. (не имеющий спроса)* гIадамаз цIехолареб, босулареб; **~ това́р** босулареб, бичун унареб къайи

НЕХОРО́ШИЙ, -ая, -ее лъикIаб гьечIеб, квешаб, хашаб, къадараб, лайикъаб; **~ челове́к** лайикъав чи

НЕХОРОШО́ 1. *нареч.* квешго, хашго, къадарго, лайикъго; лъикI гьечIого; **я чу́вствую себя́ ~** дун лъикI гьечIого вуго **2.** *в знач. сказ. безл.* квеш буго; **~ так поступа́ть** гьедин гьаби квеш буго

НЕ́ХОТЯ *нареч. (без желания)* бокьичIого, бокьуларого, гъира гьечIого; лъачIого, ракIалда букIинчIого

НЕЦЕЛЕСООБРА́ЗН//ЫЙ, -ая, -ое мурадалда данде ккола-реб, гIададисеб, къваригIунареб, хIажатаб гуреб; **~ая тра́та вре́мени** гIадада заман хвезаби

НЕЦЕНЗУ́РН//ЫЙ, -ая, -ое (*неприличный, непристойный*) ничаб, чорокаб, рекъечIеб; **~ое выраже́ние** ничаб калима, ничхIаядулаб рагIи

НЕЧА́ЯННО *нареч.* лъачIого, ургъичIого (ракIалдаго гьечIого)

НЕЧА́ЯНН//ЫЙ, -ая, -ое лъачIого ккараб, ургъичIого, ракIалда гьечIого, ккараб; **~ый вы́стрел** лъачIого ккараб кьвагьи; **~ая встре́ча** ракIалда гьечIого, ккараб дандчIвай

НЕ́ЧЕ//ГО[1] (не́чему, не́чем, не́ о чём) *мест. отриц.* щибниги; **да́льше ~го расска́зывать** хадуб бицине щибниги гьечIо; **тут ~му удивля́ ться** тамашалъизе жо гьаниб щибниги гьечIо; **мне ~м писа́ть** хъвадаризе дихъ щибниги гьечIо; **не́ с чем пить чай** (*жибгун*) чай гьекъезе щибниги гьечIо; **не́ о чем жале́ть** ракI бухIизе жо щибниги гьечIо ◊ **от не́чего де́лать** (*в зн. вводн. сл.*) гьабизе щибниги гьечIолъиялъ; **~го говори́ть** абизе щибниги гьечIого◊ **~го греха́ таи́ть** мунагь бахчун щиб гьабилеб (*му-кIурлъизе, мутIигIлъизе ккола*)

НЕ́ЧЕГО[2] *в знач. сказ. с неопр. разг. (не нужно)* хIажалъиларо, къваригIинаро, ккеларо; **~ нам здесь остава́ться** нилъее гьанир хутIи(зе) хIажалъиларо; **его́ ~ жале́ть** гьосда гурхIизе ккеларо

НЕЧЕЛОВЕ́ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое инсанасе хасиятаб гуреб, гIадамасул хIал кIолареб; **~ие уси́лия** инсанасулаб гуреб (кутакаб) къуват; **~ое отноше́ние** гIадамасулго гуреб гIадаб бербалагьи (*лъималаздехун*)

НЕ́ЧЕМ *тв. п. от* **не́чего**[1]

НЕ́ЧЕМУ *дат. п. от* **не́чего**[1]

НЕЧЕРНОЗЁМН//ЫЙ, -ая, -ое чIегIеракьалъулаб гуреб; **~ые о́бласти** чIегIеракьалъулал гурел областал, чIегIеракь дагьал областал

НЕЧЕ́СТНОСТЬ *ж* намус, яхI-намус гьечIолъи; нахIслъи

НЕЧЕ́СТНЫЙ, -ая, -ое намус, яхI-намус гьечIев; нахIсаб, рекIкIаб; **~ посту́пок** нахIсаб иш

НЕ́ЧЕТ *м разг.* кIийиде бикьулареб рикIкIен

НЕЧЁТК//ИЙ, -ая, -ое 1) баянлъи, камиллъи, мухIканлъи гьечIеб; **~ий по́черк** камиллъи гьечIеб хатI; **~ое произноше́ние** баянлъи гьечIеб кIалъай (гьаркьал рахъи) 2) (*о работе*) мухIканго гьабичIеб (*хIалтIи*)

НЕЧЁТН//ЫЙ, -ая, -ое нахъе хутIичIого, кIийиде бикьун унареб; **~ые чи́сла** кIийиде рикьун унарел рикIкIенал

НЕЧИСТОПЛО́ТНОСТЬ *ж* 1) (*неопрятность*) чороклъи, хъублъи, гъизин, гIорогин 2) *перен. (нечестность, непорядочность)* нахъегIанлъи, хIалихьалъи, намус гьечIолъи

НЕЧИСТОПЛО́ТНЫЙ, -ая, -ое 1) (*неопрятный*) вацIцIавакъад вукIунарев, хъубав, чорокав, гъизарав 2) *перен. (нечестный, непорядочный)* нахъегIанаб, хIалихьатаб, къадараб, намус гьечеб, намус тIагIараб; гьабулеб жоялде вачIунарев (*мурадалде щвезелъун*)

НЕЧИСТОТА́ *ж* хъублъи, чороклъи, гъизин; (*инсанасул гIамалалъулъ*) нахъегIанлъи, хъублъи́

НЕЧИСТО́ТЫ *мн.* чороклъи, хъублъи (*хIажатханазда букIунеб*); **вы́ возка нечисто́т** хъублъи кьватIибе баччи

НЕЧИ́СТ//ЫЙ, -ая, -ое **1.** 1) (*грязный*) чорокаб, хъубаб, гъизараб, гIорогараб, бацIцIадаб гуреб 2) (*с примесью*) гъорлъ *цоги щибниги* жубараб; **нечи́ стая рожь** хъубаб (*бищичIеб, цIалкIичIеб*) огоб 3) *(нече́стный)* бацIцIадаб гуреб, чорокаб; **~ое де́ло** чорокаб иш (хIалтIи) 4) (*неправильный*) мекъаб, тIекъаб, бацIцIадаб гуреб; **~ое произноше́ние** бацIцIадаб гуреб кIалъай (кIалъалеб къагIида) 5) (*небрежный, неточный*) мухIканлъи гьечIеб 6) (*согласно некоторым религиозным учениям*) аллагьас къабул гьабуларев **2.** *в знач. сущ.* **~ый** *м (злой дух)* щайтIан, илбис, жен ◊ **~ая си́ла** шайтIан, илбис, жен; **челове́к с ~ой со́вестью** намус хъубав инсан; **он нечи́ст на́ руку** гьов квер тIекъав(мекъав) вуго, квер бацIцIадаб гьечIеб вуго (*цIогьор вуго*)

НЕЧЛЕНОРАЗДЕ́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое баянаб гуреб; квеш рагIулеб, бичIчIулареб, батIа бахъизе кIолареб; **~ые зву́ки** ричIчIуларел, ратIа рахъизе кIоларел гьаркьал

НЕ́ЧТО *мест. неопр.* кинабалиго, щибалиго; **~ подо́бное** щибалиго гьелда релълъараб (*жо букIана*); **~ стра́нное** кинабалиго хIикмалъи (*букIана*); **~ вро́де отка́за** инкар гьабураб гIадаб жо *(ккана)*

НЕЧУВСТВИ́ТЕЛЬНОСТЬ *ж* 1) асар гьабунгутIи; **~ к бо́ли** унтуца асар гьабунгутIи 2) *перен. (равнодушие) абураб, бицараб, ккараб жоялъ* рекIее асар гьаубнгутIи, хъатIунгутIи

НЕЧУВСТВИ́ ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое 1) *жиндие* асар гьабулареб, лъугьунареб; **ко́жа, ~ая к хо́лоду** квачалъ *жиндие* асар гьабулареб тIом 2) *перен. (равнодушный)* сундулго батIалъи гьечIев, интерес гьечIев; **быть ~ым к чужи́ м страда́ниям** чияр къвари-лъабаздехун беццав вукIине (тIом бицатавлъун вукIине)

НЕЧУ́ТК//ИЙ, -ая, -ое 1) *кинаб букIаниги* сас загIипго рагIулев, гIинде бакIав; квер (килщал) квашун, *щиб букIаниги* батIа бахъизе лъаларев; **~ое у́хо** загIинго рагIулеб гIин 2) (*неотзывчивый*) чияр къварилъи рагIуларев, бихьуларев, бичIчIуларев, ракI гурхIуларев

НЕШИРО́КИЙ, -ая, -ое гIебаб гьечIеб, къваридаб, чIедераб

НЕШУ́ТОЧН//ЫЙ, -ая, -ое *разг.* махсара гуреб, гIезегIан кIвар бугеб; **де́ло ~ое** махсара гуреб, кIвар бугеб иш

НЕЩА́ДН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*безжалостный*) рахIму гьечIеб, гурхIел-цIоб гьечIеб 2) (*очень сильный*) цIакъ гучаб, кутакаб; **~ моро́з** цIакъ кутакаб квач, цIорой

НЕЭКОНО́МН//ЫЙ, -ая, -ое къарумлъи, барахщи лъалареб, чумартаб; **~ая хозя́йка** квер гIатIидай, цIуна-кьай гьечIей хозяйка; цIуна-кьай гьечIолъиялъе нугIлъи гьабулеб, *гьеб* бихьизабулеб

НЕЭТИ́ ЧНЫЙ, -ая, -ое адаб-намусалда, берцинаб хьвадиялда рекъолареб, адаб-намусалъул къагIидабазда данде кколареб; **~ посту́пок** адаб-намусалда, берцинаб хьвада-чIвадиялда данде кколареб, рекъолареб иш

НЕ́Ю *тв. п. от* **она́**

НЕЯ́ВКА *ж* вачIунгутIи, вачIинчIолъи; **~ в суд** судалде вачIунгутIи; **~ на рабо́ту** хIалтIуде вачIунгутIи

НЕЯ́РКИЙ, -ая, -ое 1) кьерукъаб, канчIлъи гьечIеб, гвангъичIеб; **~ свет** гвангъи гьечIеб, гвангъичIеб канлъи 2) *перен. (незаметный)* бихьулареб, кIвар буссинабулареб, бадиб къалареб; **~ая карти́ на** жинде кIвар буссинабулареб сурат

НЕЯ́СНО 1. *нареч.* кьерукъго, гвангъичIого **2.** *в знач. сказ. безл.* лъалеб букIинчIо, бичIчIулеб букIинчIо; **мне ~, как поступа́ть** дида лъалеб букIинчIо щиб гьабилебали

НЕЯ́СНОСТ//Ь *ж* 1) (*неразборчивость*) баянлъи гьечIолъи 2) (*что-л. непонятное*) (*щибниги*) мухIканлъи гьечIеб, бичIчIулареб жо; **устрани́ть ~и** мухIканлъи гьечIел, ричIчIуларел бакIал тIагIинаризе, лъугIизаризе

НЕЯ́СН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*тусклый*) кьерукъаб, свараб кьералъул 2) (*неразборчивый*) мухIканго бичIчIулареб, рагIулареб; **~ый звук** мухIканго рагIулареб гьаракь 3) (*неопределенный*) баянлъи гьечIеб; **~ое представле́ние** *о чем-л. сундулниги хIакъалъул* баянлъи гьечIеб пикру

НИ[1] *частица* **1.** 1) *усил. (в отриц. предложениях)* -ги, -ниги, гIаги, -цин; **там не было ни души́** дова цо рухIцин вукIинчIо; **ни сло́ва бо́льше** тIокIаб цо рагIиги (*абуге*); **ни ша́гу да́льше** тIокIаб цо галиги цебехун (*босуге*) 2) *усил. (без отрицания)* щив (щий, щиб) вукIаниги; **кто бы ты ни́ был** щив мун вукIаниги; **как бы там ни́ было, он споко́ен** кин гьениб букIаниги, дов гIодове виччан вуго; **во что́ бы то ни ста́ло** щиб кколеб бугониги, кин бугониги **2.** *союз* я … я; **ни за́ ни про́тив** я гьелъие гIоло гуреб, я гьелда данде гуреб; **ни взад ни вперёд** я цебе, я нахъе гуреб; **ни тот ни друго́й** я гьав гурев, я дов гурев; **ни ры́ба ни мя́со** я ччугIа, я гьан гуреб ◊ **ни-ни́ !** кигIан дагьабниги, цохIо

щибниги! **не говори́ никому́, ни-ни́ !** цо лъиданиги микъан вахъунге! (*щибниги абуге*)

НИ[2] (*в сочетании с предлогами является определяемой частью местоимений никто, ничто, никакой, ничей*) щивниги, щибниги, кинаб букIаниги, лъилго гуро; **я ни о чем не слыха́л** дида сундулниги хIакъалъулъ ргIичIо; **он ни во что не вме́шивается** дов сундаго гьоркьове лъугьанаро; **что́бы ни от кого́ не зави́сеть** лъидаго варавлъун вукIунгутIизе ◊ **я ни за что не пойду́** дун, щиб гьабуниги, инаро; **ни в ко́ем слу́чае не сообща́й ему́ э́того** щиб кканиги, лъазабуге досда гьеб

-НИБУДЬ *частица неопр.:* **кто-** ~ щив вугониги; **что-** ~ щиб бугониги; **когда́-** ~ кида бугониги; **ско́лько-** ~ кигIан бугониги

НИ́В//А *ж* 1) бекьулеб хур; **колхо́зные ~ы** колхозалъул рекьулел хурзал 2) *перен. (поприще)* хIалтIулеб, иш гьабулеб бакI; **труди́ться на ~е просвеще́ния** халкъияб лъай кьеялда хIалтIизе

НИВЕЛИ́Р *м геод.* нивелир (*ракьул гьумералда гохIккел ва битIи бихьизабулеб геодезиялъул алат*)

НИВЕЛИ́РОВАТЬ *сов. и несов. что* 1) *геод.* чIезабизе (*цо тIаса бищараб тIанкIалда яги ралъдал гьумералда рекъон, ракьалъул борхалъи чIезабизе*) 2) *перен. (сглаживать различия) лъиданиги-сунданиги гьоркьоб бугеб* батIалъи тIагIинабизе, лъугIизабизе

НИВХ *м* нивхав

НИ́ВХИ *мн.* нивхал (*Амур гIоралъул ахада ва Сахалин чIинкIиллъиялда гIумру гьабулеб къавм*)

НИ́ВХКА *ж* нивхай

НИ́ВХСКИЙ, -ая, -ое нивхазул; **~ язы́к** нивхазул мацI

НИГДЕ́ *нареч.* кибниги, кибго; **я его́ ~ не встреча́л** дида гьев кивниги дандчIвачIо; **~ нет э́ той кни́ги** кибго (кибниги) гьеб тIехь гьечIо

НИ́ЖЕ 1. *прил. (сравн. ст. к* **ни́зкий**) лъухъаб, гIодобегIанаб, тIуцаб; **он ~ меня́ ро́стом** гьов дидаса лагаялъ лъухъав вуго; **наш дом ~ ва́шего** нижер мина нужералдаса тIуцаб буго; **~ ка́чеством** (*кколелдаса*) гIодобегIанаб качествоялъул **2.** *нареч. (сравн. ст. к* **ни́зко**) гIодобегIан, гъоркьехун; **этажо́м ~** цо тIалаялъ гъоркьехун; **спусти́тесь ~** гъоркьегIан лъугьа; **об э́том ска́зано ~** гьелъул хIа-къалъулъ гъоркьехун абун буго; **3.** *предлог с род. п. (вниз от чего-л.*) гъоркьегIан; **сего́дня два гра́дуса ~ нуля́** жакъа нулалдаса кIиго градусалъ гъоркьегIан буго; **по Волге ~ Казани** Волга чIван эхебе Казаналдаса гъоркьехун ◊ **счита́ть ~ своего́ досто́инства** жиндирго къадру-къиматалдаса, яхI-намусалдаса гIодобегIанаблъун рикIкIине

НИЖЕПОДПИСА́ВШИЙСЯ, -аяся, -еяся гъоркь гъулбас гьабурав

НИЖЕСЛЕ́ДУЮЩИЙ, -ая, -ее хадусеб, хадуб бачIунеб бугеб гьабурав

НИЖЕУПОМЯ́НУТЫЙ, -ая, -ое гъоркьехун рехсарав, гъоркьехун бицун бугеб

НИ́ЖН//ИЙ, -яя, -ее 1) *в разн. знач.*: **~ий эта́ж** гъоркьияб тIала; **~яя по́лка** гъоркьияб буцрахъарци 2) (*об одежде*: **~ее бельё** гъоркьанретIел; **~яя ю́бка** гъоркьан ретIунеб юбка 3) *муз.* гъоркьияб; **~яя окта́ва** гъоркьияб октава ◊ **~яя пала́та** (*парламента*) гъоркьияб палата

НИ́ЖУ, ни́жешь *и т.д. наст. от* **низа́ть**

НИЗ *м* 1) *сундулниги* гъоркьабакI, гъоркьияб рахъ; **~ коло́нны** хIубиялъул гъоркь 2) (*нижнее течение реки*) гIурул гъоркьияб чвахи (*гьеб чвахиялъул ргIалда бугеб ракьги*) 3) гIодобегIанаб бакI, гIодоблъи 4) гIавам халкъ, обществоялъул ихтиярал гьечIел гIадамал

НИЗА́ТЬ *несов. что* 1) ххезе, цоцада хадур ххезе, херхине; ~ **бу́сы на ни́тку** (маххал) маржанал куналда ххезе 2) *перен.* ра-гIаби сокIкIине

НИЗВЕРГА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **низве́ргнуть(ся)**

НИЗВЕ́РГНУТЬ *сов. кого-что уст.* 1) (*сбросить*) гъоркье рехизе; **~ с верши́ны** борхалъудасан гъоркье рехизе 2) *перен. (свергнуть)* тIаса рехизе; **~ царя́** пача тIаса рехизе

НИЗВЕ́РГНУТЬСЯ *сов. жибго* тIаса бортизе, нахъе ине, кIалагъоркье чIвазе

НИЗВЕРЖЕ́НИЕ *с* **1. (***по гл.* **низве́ргнуть**) тIаса рехи **2.** (*по гл.* **низве́ргнуться**) тIаса борти, нахъе ин, кIалагъоркье чIвай

НИЗИ́Н//А *ж* гIодоблъи; **село́ распола́жено в ~е** росу гIодоблъиялда буго

НИ́ЗК//ИЙ, -ая, -ое 1) (*невысокий, незначительный*) къокъаб, тIуцаб; **~ий рост** къокъаб лага; **~ий забо́р** тIуцаб чали; **~ая температу́ра** гIодобегIанаб хинлъи-цIорой 2) (*плохой*) къадараб; **~ий сорт** къадараб тайпа (сорт) 3) (*подлый*) хIалихьатаб; **~ая ли́ч-ность** хIалихьатав чи 4) (*о звуках и т.п.*) гъвараараб; **~ий го́лос** гъвараараб гьаракь 5) (*неродовитый*) къадараб, нахъегIанаб; **~ое происхожде́ние** нахъегIанаб вижи (лъугьин)◊ **~ий покло́н** ракьалда тункиледухъ бетIер къули

НИ́ЗКО 1. *нареч.* 1) гIодобегIан; **со́лнце стои́т ~** бакъ гIодобегIан буго; **~ поклони́ться** гIодовегIан къулизе 2) (*подло*) хIалихьатго 3) (*о звуках*) гъварун, гъугъго **2.** *в знач. сказ.* гIодобегIан буго, лъухъго буго, тIуцго буго

НИЗКОВО́ЛЬТНЫЙ, -ая, -ое эл. дагьаб вольталъул, гIодобегIанаб вольталъул (дагьаб токалъул)

НИЗКООПЛА́ЧИВАЕМЫЙ, -ая, -ое дагьаб мухь, гIарац кьолеб, дагьаб харжалъул

НИЗКОПОКЛО́ННИК *м* хIелхIедулев чи, хIел-хIелчи

НИЗКОПОКЛО́ННИЧАТЬ *несов. перед кем-чем* хIелхIедизе, нодо чIвазе

НИЗКОПОКЛО́НСТВО *с* хIелхIеди, нодочIвай

НИЗКОПРО́БН//ЫЙ, -ая, -ое 1) гIодобегIанаб, къадараб, хашаб; **~ое зо́лото** гъорлъ гIемераб пахь, тIухьи бугеб месед 2) *перен.* къадараб качествоялъул; **~ое вино́** къадараб качествоялъул чагъир

НИЗКОРО́СЛ//ЫЙ, -ая, -ое логокъав; гIисинаб, борхатаб гуреб, тIуцаб; **~ый куста́рник** тIуцаб, тIуцго бижулеб хъарахъ

НИЗКОСО́РТНЫЙ, -ая, -ое къадараб тайпаялъул, гIодобегIанаб сорталъул; **~ това́р** гIодобегIанаб сорталъул къайи

НИЗЛАГА́ТЬ *несов. см.* **низложи́ть**

НИЗЛОЖЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **низложи́ть**) тIаса рехи, нахъе гьави

НИЗЛОЖИ́ТЬ *сов. кого-что* тIаса рехизе, нахъе гьавизе; ~ **царя́** пача тIаса рехизе

НИЗМЕННОСТЬ *ж* 1) *геогр.* гIодоблъи, лъарагIлъи 2) *перен. (бесчестность)* хIалихьалъи, ягъзинлъи, гIодобегIанлъи (нахъегIанлъи) намус гьечIолъи

НИ́ЗМЕНН//ЫЙ, -ая, -ое 1) *геогр.* гIодобегIан ккараб, лъарагIлъиялъулаб; **~ые места́** гIодорегIан ккарал бакIал 2) *перен. (бесчестный*) хIалихьатав, нахъегIанав, намус гьечIев, ягъзинав; **~ый челове́к** ягъзинав чи

НИЗОВ//О́Й, -ая, -ое 1) (*близкий к земле*) ракьалде гIагараб, гIодосан, гъоркьан бугеб; **~о́й ве́тер** гIодосан пулеб гьури, гIодоб гьури 2)(*расположенный по нижнему течению*) гъоркьияб чвахиялда, ахада бугеб; **~ы́е города́** гIурул ахада ругел шагьарал 3) (*связанный с массами, народом*) гIавам халкъгун бухьараб, обществоялъул ихтиярал гьечIел кьерезда (гъатазда) бухьараб

НИЗО́ВЬЕ *с* гIурул, лъарал ахалъиялъул бакI, *гьелда* сверун бугеб бакI; гIурул ахалъи; ~ **Во́лги** Волгаялъул ахалъи

НИ́ЗОМ *нареч. разг.* гIодосан, *сундулниги* ахадасан; **идти́** ~ гъоркьан, ахадасан ине

НИ́ЗОСТЬ *ж* къадарлъи, хIалихьалъи, гIодобегIанлъи, нахъегIанлъи 2) хIалихьатаб, нахъегIанаб иш, хьвада-чIвади

НИ́ЗШ//ИЙ, -ая, -ее 1) *превосх. ст. к* **ни́зкий** 2) (*простейший*) гIодобегIанаб, цIакъго гIадатияб; **~ие органи́змы** цIакъго гIадатиял рухIчIаголъаби 3) (*подчиненный*) гъоркьегIанаб, мутIигълъиялда бугеб; **~ая до́лжность** гIодобегIанаб хъулухъ 4) (*начальный*) байбихьул (аб); **~е образова́ние** байбихьулаб лъай

НИКА́К[1] *нареч. (никаким образом*) кинго; **я ~ не могу́ э́того сде́лать** дида гьеб кинго гьабизе кIоларо; **э́то ~ не подойдёт** гьеб кинго данде кколаро; **~ нельзя́ допусти́ть** кинго биччазе бегъуларо

НИКА́К[2] *частица разг. (кажется)* батилин ккола, -цин гуребищ; **~ э́то он пришёл!** гьов вачIун ватилин ккола!; **~ он просну́лся?** дов ворчIунцин гуревищ?

НИКАК//О́Й, -ая, -ое **1.** *мест. отриц.* 1) щибго, кигIан дагьабниги; **нет ~о́й наде́жды** щибго божилъи (хьул) гьечIо; **нет ~о́го сомне́ния** кигIан дагьабниги щаклъи гьечIо; **~го возраже́ния** щибго инкар гьечIо 2) *разг. (вовсе не*) щибниги, кинабниги; **я ~о́й не специали́ст** дун кинавниги махщалилав (специа-

лист) гуро **2.** *в знач. прил. разг. (плохой)* къадарав; **наéздник он ~óй** дов къадарав чотIахъан вуго (дов чотIахъанго гуро)

НИ́КЕЛЕВЫЙ, -ая, -ое никелалъул(аб), никелалъул гьабураб, никель нъоргъ бугеб; **~ый ча́йник** никелалъул чайник

НИКЕЛИРО́ВАНН//ЫЙ, -ая, -ое никелъ биччараб; **~ая крова́ть** никель биччараб кровать

НИКЕЛИРОВА́ТЬ *несов. что* (*тIаде)* никель биччазе

НИ́КЕЛЬ *м* никель (*хим. элемент, металл*)

НИКЕ́М *тв. п. от* **никто́**

НИ́КН//УТЬ *несов.* 1) бечIан гIодобе къулизе, гIодоб чIвазе; **трава́ ~ет от жары́** багIариялъ хер гIодоб чIвалеб буго 2) *перен. (слабеть)* тамахлъизе, загIиплъизе, къуват дагьлъизе, бетIер къулизе, ракI бекизе

НИКОГДА́ *нареч.* киданиги; **тепе́рь и́ ли ~** гьанже яги киданиги (гуро); **никто́ ~ не́ был там** щивниги киданиги вукIинчIо дова ◊ **как ~** кидаго гIадин

НИКОГО́ *род., вин. п. от* **никто́**

НИК//О́Й: ~о́им о́бразом, ни в ко́ем слу́чае кинго, щиб лъугьаниги, кканиги

НИКОМУ́ *дат. п. от* **никто́**

НИКОТИ́Н *м* танхьил загьру, никотин

НИКТО́ *мест. отриц.* **1.** щивниги; **~ э́ того не зна́ет** лъиданиги гьеб лъаларо; **~ из нас** нижеда гьоркьосан щивниги; **~ друго́й** щивниги цогидав; **я никого́ не ви́дел** дида щивниги вихьичIо; **здесь никого́ нет** гьанив щивниги гьечIо; **никому́ не говори́ об э́том** гьелъул хIакъалъулъ лъиданиги абуге; **его́ ника́м не заме́нишь** гьев лъицаниги хисиларо; **я ни о ком не слыха́л** дида лъилниги хIакъалъулъ ргарIичIо **2.** *в знач. сущ. м нескл.*: **он здесь ~** гьев гьанив щивниги гуро; **кто он вам? – никто́** щив гьев нужее кколев? – щивниги гуро

НИКУДА́ *нареч.* **1.** 1) кивениги; **я ~ не пойду́** дун кивениги инаро 2) (*очень плохо, скверно*) цIакъ квеш; **рабо́та сде́лана ~** хIалтIи цIакъ квеш гьабун буго **2.** *в знач. сущ.* (*место, где ничего нет, пустота*) щибниги гьечIеб бакI, чIобоголъи; **старые следы приводят в ~** басриял лъалкIаз щибниги гьечIеб бакIалде рачуна ◊ **~ не годный** сундуениги ярагьунареб

НИКУДЫ́ШНЫЙ, -ая, -ое разг. щибго гуреб, ярагьунареб, къадараб, хашаб; **~ рабо́тник** къадарав хIалтIухъан

НИКЧЕ́МН//ЫЙ, -ая, -ое *разг.* пайда гьечIеб, хIажат гьечIеб, ярагьунареб; **~ая кни́га** пайда гьечIеб тIехь; **~ый разгово́р** хIажат гьечIеб хабар, чIанда

НИМ *мест. личн.* 1) *тв. п. от* **он** 2) *дат. п. от* **они́**

НИМА́ЛО *нареч.* кигIанги, кигIан дагьабги; **он ~ не бои́ тся** дов кигIан дагьавги хIинкъуларо (щибниги хIинкъуларо)

НИ́ МИ *тв. п. от* **они́**

НИО́БИЙ *м* ниобий (*хим. элемент, металл*)

НИОТКУ́ДА *нареч.* кисанниги, щиб бакIалдасанниги; **я ~ письма́ не ожида́л** дун кисанниги кагьатазухъ (кагьтал рачIиналъухъ) валагьун вукIинчIо (*дихъе кисанниги кагьтал рачIине кколарoан*)

НИПОЧЁМ 1. *нареч.* 1) (*дёшево*) цIакъ учузго, чIван чIобого**; я́ блоки там ~** гIеч доба чIван чIобого буго (бичулеб) 2) *разг. (ни в коем случае)* щиб гьабуниги; **~ я не пойду́ туда́** щиб гьабуниги, инаро дун дове **2.** *в знач. сказ. (легко)* бигьаяб, гьадингояб жо буго; **ему́ ~ пройти́ де́сять киломе́тров** анцIго километралъ ине досие гьадингояб жо буго

НИ́ППЕЛЬ *м тех.* ниппель (*лъим бачунел рогIрал, мащаби ва гь.ц.* гъункун *цоцазда щула гьарулеб алат*)

НИСКО́ЛЬКО *нареч.* кигIанги, махIниги; **я ~ не удивлю́ сь э́ тому** дун гьелда махIниги хIикмалъиларо

НИСПАДА́//ТЬ *несов.* гIодобе дализе, гьализе; **во́лосы ~ют на пле́чи** рас кIигъуждузде гьалун буго

НИСПРОВЕРГА́ТЬ *несов. см.* **ниспрове́ргнуть**

НИСПРОВЕ́РГНУТЬ *сов. кого-что* нахъе гьабизе, тIаса рехизе; **~ мона́рха** парчахI тIаса рехизе

НИСПРОВЕРЖЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **ниспрове́ргнуть**) нахъе гьаби, тIаса рехи

НИСХОДЯ́Щ//ИЙ, -ая, -ее гIодобе бачIунеб, дагьлъулеб; **расположи́ть чи́сла в ~ем поря́дке** тарихал тIаса гIодоре дагьлъулеб, гIисинлъулеб куцалъ лъезе

НИ́ ТК//А *ж* 1) (*для шитья*) *квасул, чиллайдул ва гь.ц.* кун; **~и для вышива́ния** угьариялъе (угьарулеб) кун; **вдеть ~у в иго́лку** рукIкIада кун ххезе 2) маржаназул, чIумазул цIал; **~а же́мчуга** жавгьаралъул цIал ◊ **с ми́ру по ~е, го́лому руба́шка** *посл.* киназдасаго цо-цо кун бакIарани, мискинасе гурде лъугьуна; **промо́кнуть до ~и** цIалтун виччизе; **э́ то ши́то бе́лыми ~ами** махщел гьечIого, бахчун буго, гьабун буго

НИ́ ТОЧК//А *ж уменьш. от* нитка ◊ **висе́ть на ~е** кунада ван хутIизе, сун-сараялда ван хутIизе (*божилъи гьечIеб, хIинкъи бугеб хIалалде ккезе; хвезе дагьаб хутIизе*); **разобра́ть по ~е** кункун ккун хал гьабизе, бищизе (*сундулниги цIакъ мухIканго хал гьабизе*); **ходи́ ть по ~е** (*цIакъ мутIигIго, инкар гьечIого, хьвадизе*) хIучч хъван, хьвадизе, инкар гьабунгутIизе

НИТРА́Т *м хим.* нитрат

НИТРОГЛИЦЕРИ́Н *м хим.* нитроглицерин *(азоталъул кислотаялъул цIам)*

НИ́Т//Ь *ж* 1) *см.* **ни́ тка** 2) (*то, что напоминает нитку*) рихь, кун гIадаб жо, рас, симил; **не́рвные ~и** нервазул кунал; **~ь нака́ла** токалъул чирахъалъул гвангъулел кунал 3) *перен.* бухьен ◊**~ь дру́жбы** гьудуллъиялъулаб бухьен; **потеря́ть ~ь разгово́ра** каламалъул бухьен тIезе; **проходи́ть кра́сной ~ью** аслияб пикрулъун букIине, бихьизабизе, батIа бахъизе

НИ́ТЯН//ЫЙ, -ая, -ое кунал гьабураб, кунал; **~ые перча́тки** кунал квердаххелал

НИХ *род., вин. п. от* **они́**

НИЦ *нареч. уст.*: **пасть ~** гьумер, нодо гIодоб цузегIан, къулизе

НИЧЕГО́[1] *нареч.* I. *нареч. (неплохо)* квеш гьечIого, гIемерго лъикI, бегьулеб куцалъ; **ко́рмят там ~** кваназарула дора гIемерго лъикI; **2.** *в знач. сказ. (не имеет значения*) кIваричIин, расги гуро, щибго гуро; **прости́те, я винова́т! – ничего́!** тIаса лъугьа, дун гIайибияв вуго! – кIваричIин!

НИЧЕГО́[2] *род., вин. п. от* **ничто́**

НИЧ//Ё́Й, -ья, -ье *мест.* **1.** 1) (*никому не принадлежащий*) лъилниги гуреб, бетIергьанчи гьечIеб; **соба́ка была́ ~ья́** гьой бетIергьанчи гьечIеб букIана 2) (*чей бы то ни было*) лъил букIаниги, лъилниги **~ьи́ х вещёй не тро́гай** лъилниги къайиялда квер хъваге **2.** *в знач. сущ.* **~ья́** *ж спорт.* (щивго бергьинчIеб) ращад ккараб хIай; **сде́лать ~ью́** ращад ккараб хIай гьабизе (ращад ккезе)

НИЧЁЙН//ЫЙ, -ая, -ое 1) *разг. (никому не принадлежащий*) лъилго гуреб; **~ая земля́** лъилго гуреб ракь 2) *спорт.* ращад ккараб, щивго бергьинчIеб; **~ая па́ртия** *шахм.* щивго бергьинчIеб партия

НИЧЁ́М *тв. п. от* **ничто́**

НИЧЕМУ́ *дат. п. от* **ничто́**

НИЧКО́М *нареч.* кIалагъоркье; **лежа́ть ~** кIалагъоркье вегизе

НИЧТО́ 1. *мест. отриц.* щибниги, щибниги (гуро); **его́ ~ не интересу́ет** досие сундулниги интерес букIунаро; **я об э́том ничего́ не зна́ю** гьелъул хIакъалъулъ дида щибниги лъаларо; **он ничему́ не удивля́ется** дов сунданиги хIикмалъуларо; **я ни о чем не слыха́л** дида сундулниги хIакъалъулъ ргарIичIо **2.** *в знач. сущ. ~ с нескл. (ничтожество)* щибниги гуреб жо; **преврати́ться в ~** щибго гуреб жоялде сверизе ◊ **ничего́ не поде́лаешь** гьелда гьабизе жо гьечIо

НИЧТО́ЖЕСТВО *с* 1) (*ничто́жный человек*) щивго гурев, нахъегIанав чи; **он по́лное ~** дов тIубанго щивго гурев чи вуго 2) (*убожество*) мискинлъи, язихъльи, гъарзикълъи

НИЧТО́ЖНОСТЬ *ж* 1) *см.* **ничто́жество** 2) (*незначительность*) щибго гуролъи, гьадинголъи; рикIкIинегIанасеб гьечIолъи

НИЧТО́ЖН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*очень маленький*) цIакъ дагьаб, цIакъ гьитIинаб, пайда гьечIеб; **~ый дохо́д** цIакъ дагьаб хайир 2) (*незначительный, несущественный*) дагьа-макъаб, кIудияб кIвар гьечIеб; **~ая причи́на** гьитIинаб, кIудияб кIвар гьечIеб гIилла 3) (*о человеке*) къадарав, хIалихьатав, щивго гурев (*чи*)

НИЧУ́ ТЬ *нареч. разг.* кигIанги, кигIан дагьабги; **он ~ не обиделся** гьосда кигIан дагьабги квеш букIинчIо ◊ **~ не быва́ло!** щибго букIинчIо, кIигIан дагьабги букIинчIо!

НИЧЬ//Я́ *ж спорт.* щивго бергьинчIеб хIасил; **они́ сде́ла-ли ~ю́** гъозул дандчIваялъул щивго бергьинчIеб хIасил ккана (ращад ккана)

НИ́ША *ж щибниги лъезе* къадалъ (*гIанлъун*) гьабураб бакI, жаниблъи

НИЩА́ТЬ *несов.* мискинлъизе, язихълъизе

НИ́ЩЕНКА *ж* гьардохъан (*чIужугIадан)*

НИ́ЩЕНСК//ИЙ, -ая, -ое 1) гьардохъанлъиялъулаб; гьардохъанаб; **~ая су́ма** гьардохъанасул таргъа; **~ое существова́ние** гьардохъанаб, цIакъ мискинаб бетIербахъи 2) *перен. (крайне малый, ничтожный*) цIакъго дагьаб, щибго гуреб; **~ая опла́та** цIакъго дагьаб харж

НЍЩЕНСТВО *с* 1) (*собирание подаяний*) гьардохъанлъи 2) (*крайняя бедность*) кIудияб язихълъи, хъарцинлъи

НИ́ ЩЕНСТВОВАТЬ *несов. (собирание подаяний*) гьардухъ лъугьине, гьардохъанлъи гьабизе 2) (*жить в крайней бедности*) кIудияб язихълъиялда гIумру гьабизе

НИЩЕТ//А́ *ж* 1) (*крайняя бедность*) язихълъи, кIудияб мискинлъи; **впасть в ~ý** кIудияб мискинлъиялде ккезе 2) *перен. (скудность чего-л.*) *сундулниги* мукъсанлъи; мискинлъи; **духо́вная ~а** пикрабазул мукъсанлъи, рекIел мискинлъи 3) *собир. разг. (нищие люди)* гьардохъаби

НИ́ ЩИЙ, -ая, -ее **1.** 1) (*крайне бедный*) кутакалда мискинав, язихъав 2) *перен. (скудный*) мукъсанаб; **~ ду́хом** рухIияб рахъалъ мукъсанав **2.** *в знач. сущ. ~ м (живущий подаянием)* гьардохъан

НО[1] *союз противит.* **1.** амма; **я был там, но вас не ви́дел** дун дова вукIана, амма мун вихьичIо **2.** *в знач. сущ. с* "ги"; **есть мале́нькое ~** буго цо гьитIинаб "аммаги"

НО[2] *межд.* 1) (*возглас, которым понукают лошадь*) ну-у (*чода*), гьай (*оцода*) 2) (*выражает предостережение, угрозу*) чIаха цо!

НОВА́ТОР *м* цIияб жо ургъулев, цIияб къагIидаялъ хIалтIулев чи; **~ы произво́дства** (*заводалда, совхозалда*) цIияб къагIидаялъ хIалтIулел чагIи

НОВА́ТОРСТВО *с (деятельность новаторов)* цIияб жо бижизаби, цIияб жо ургъун бахъи, цIияб къагIидаялъ хIалтIи

НОВЕ́ЙШ//ИЙ, -ая, -ее цIакъ цIияб, бищунго цIияб; **~ая мо́да** бищунго цIияб мода; **~ие достиже́ния те́хники** техникаялъул бищун ахирисел бергьенлъаби; **~ая литерату́ра** ахираб заманалда бахъараб литература (ахираб заманалъул литература, адабият)

НОВЕ́ЛЛА[1] *ж лит.* новелла, къокъаб хабар

НОВЕ́ЛЛА[2] *ж юр.* новелла (*законазул, уставалъул ва гь.ц. кинаб букIаниги сводалде хадуб гьабураб тIадежубай*)

НОВЕЛЛИ́ СТ *м* новелист (*новеллаби хъвалев чи*)

НО́ВЕНЬК//ИЙ, -ая, -ое **1.** *ласк. к* **но́вый 2.** *в знач. сущ.* **~ий** *м разг. (чиясул жинсалъул предметияб цIаралъул бакIалда*) цIияв, цIивачIарав **3.** *в знач. сущ.* **~ая** *ж (чIужуялъул жинсалъул предметияб цIаралъул бакIалда*) цIияй, цIиячIарай

НОВИЗН//А́ *ж* цIияб лъугьа-бахъин, дагьаб цебегIан рагьараб, хIал бихьараб *щиб букIаниги*; **пре́лесть ~ы** цIияб лъугьа-бахъиналъул гьайбалъи

НОВИ́НК//А цIияб, дагьаб цебегIан баккараб жо; **~и нау́ки и те́хники** гIелмуялъул ва техникаялъул цIилъаби; **кни́жные ~и** цIиял тIахьал ◊ **ему́ э́то бы́ло в ~у** гьесие гьеб цIияб жолъун букIана

НОВИЧО́К *м разг.* дагьав цевегIан *кивениги* вачIарав, вахъарав, *щибниги* гьабизе лъугьарав чи

НОВОБРА́НЕЦ *м* (*дагьав цевегIан рагъулаб хъулухъалде ахIарав чи*) цIияв рагъухъан, цIивачIарав рагъухъан

НОВОБРА́ЧНАЯ *ж* ахIанже росасе арай, ригьнаде лъугьарай гIадан, бахIарай

НОВОБРА́ЧНЫЙ, *м* ахIанже чIужу ячарав, ригьин гьабурав чи, бахIарав

НОВОВВЕДЕ́НИЕ *с* цIияб низам, цIидасан чIезабураб къагIида, гIадлу

НОВОГО́ДН//ИЙ, -яя, -ее цIияб соналъулаб; **~яя ёлка** ЦIияб соналъул елка; **~ий пра́здник** ЦIияб соналъул байрам; **~яя ночь** ЦIияб соналъул сордо; **~ие пожела́ния** ЦIияб соналъул мурадал, гьариял

НОВОИСПЕЧЁННЫЙ, -ая, -ое *шутл.* ахIанже бежараб; ахIанже ишалде лъугьарав; дагьаб цебе гьабураб; **~ учёный** дагьаб цебегIан вахъарав гIалимчи; дагьаб цебе цIар, хъулухъ щварав

НОВОКАИ́ Н *м фарм.* новокаин

НОВОЛУ́ НИЕ *с* моцI цIилъи; моцIрол бетIер; цIияб моцI бихьулеб заман

НОВОМО́ДНЫЙ, -ая, -ое цIияб модаялъул; **~ костю́м** цIияб модаялъул костюм

НОВООБРАЗОВА́НИЕ *с* 1) *мед.* лугбузда лъугьараб цIигьан, лугбузда тIад бижараб жо 2) *лингв.* ма́цIалда лъугьараб цIияб рагIи

НОВОРОЖДЁНН//ЫЙ, -ая, -ое **1.** ахIанже гьабураб; **~ый ребёнок** ахIанже гьабураб лъимер **2.** *в знач. сущ.* **~ый** *м* вас, **~ая** *ж* яс (цIигьавурав вас, цIигьаюрай яс)

НОВОСЁЛ *м* цIияв квартирант, дагьав цевегIан *кивниги* рукъалъ чIарав чи, цIияв хважаин; **дом ждёт ~ов** мина цIиял хважаинзаби рачIиналъухъ балагъун буго

НОВОСЕ́ЛЬЕ *с* 1) (*новое жилище*) цIияб рукъ, ахIанже жанире гIадамал рахъараб мина 2) (*празднество*) цIияб бакIалде, рокъоре гIадамал рахъиндал гьабулеб рохел, гьоболлъи; **справля́ть ~** цIияб рокъоре рахъиналъул гьоболлъи гьабизе

НОВОСТРО́ЙК//А *ж* 1) (*строительство*) цIибалеб бакI, **~и Сиби́ри** Сибиралда цIиралел бакIал 2) (*новое здание*) цIияб мина; **жить в ~е** цIияб минаялъуб, цIи бараб бакIалда гIумру гьабизе; **шко́ла – ~а** цIияб школа (цIибараб школа)

НО́ВОСТ//Ь *ж в разн. знач.* цIияб жо; **~и нау́ки и те́хники** гIелмуялъулги техникаялъулги цIиял жал, цIилъаби; **после́дние ~и** ахирисел цIиял харбал; **каки́е у вас ~и?** нужер кинал цIиял харбал ругел? **сообщи́ть ~ь** цIияб жо бицине; **э́то что ещё за ~и** гьебги щиб цойги цIияб жо

НОВОЯ́ ВЛЕННЫЙ, -ая, -ое гьабсагIат вачIарав, ахIанже загьирлъарав; **~ учёный** ахIанже загьирлъарав гIалимчи

НО́ВШЕСТВО *с* гьабураб, хIалтIизабулеб, къабул гьабураб цIилъи; **внедре́ние техни́ческих но́вшеств** техникаялъул цIилъаби тIиритIизари, гIатIидго хIалтIизари; **~а в рабо́те** хIалтIулъ цIиял къагIидаби, цIилъаби

НО́В//ЫЙ, -ая, -ое **1.** 1) *в разн. знач.* цIияб; **~ый дом** цIияб мина; **~ый смысл** цIияб магIна; **~ый костю́м** цIияб костюм; **но́вый год** цIияб сон 2) (*современный*) гьанжесеб, цIияб; **~ая исто́рия** гьанжесеб тарих, история 3) (*недавно появившийся*) цIибаккараб; **~ое лека́рство** цIибаккараб дару **2.** *в знач. сущ.* **~ое** *с* цIияб *(жо)*; **э́то что́-то ~ое** гьеб цо щибалиго цIияб жо буго; **чу́вство ~ого** цIиялъул асар; **борьба́ ста́рого с ~ым** басриялъул цIиялъулгун кьеркьей

НОВЬ *ж с.-х.* 1) (*целина*) жеги бегичIеб, бекьичIеб ракь 2) цIияб бачIиналъул хIалухъен

НОГ//А́ *ж* бох (*вся конечность до ступни*); хIетIе *(ступня);* ратIа, квачI (*у животных*); **пра́вая ~а́** кваранаб бох; **пере́дние ~и** цересел рутIби, бохдул (квачIал); **за́дние ~и** нахъисел бохдул ◊ **вверх ~а́ми** дегIениса, бетIериса; **к ~е́!** *воен. хIатIида аскIобе хъундагъги гьабун, туманкI лъезе кьолеб команда*; **перенести́ грипп на ~а́х** вахъун чIовухъе, вегичIого грипп рехизе; **он сего́дня весь день на ~ах** гьев жакъа тIубараб кьоялъго вахъун чIун (щиб-щибниги гьабулев) вукIана; **с ног до головы́** хIатидаса ботIроде щвезегIан (тIубанго); **~и́ моéй у вас не бу́дет** дица нужер доба хIетIе чIезе гьечIо; **~а́ в ~у** *жиндирго иш, пикраби* цогидазулгун рекъезарун, цадахъ рекъон; **протяну́ть ~и**: а) (*протянуть руку (помощи)* кумекалъул квер бегьизе (*лъие букIаниги кумек гьабизе*); б) (*умереть*) хвезе; **едва́ ~и унести́** хIалица хвасарлъизе; **ног под собо́й не чу́вствовать:** а) (*при быстром беге*) цIакъ хехго векеризе, гIодоб хIетI хъвачIого, векеризе; б) (*от сильной усталости*) вахъун чIезе рухI гьечIого, вукIине; **быть (стоя́ть) одно́й ~о́й в моги́ле** хабалъе бох бегьизе заман щвезе, хвалде гIагарлъизе; **подня́ть всех на́ ноги** киналго ахIуд рахъинаризе; **валя́ться в ~ах** чияр малакь вукIине; **идти́ (шага́ть) не в ~у** цогиязулгун данде ккечIого, заманалда рекъечIого, иш гьабизе; **кла́няться в ~и** хIакъирго *щибниги* гьаризе; **он лёгок на́ ~у** ишалде лъугьине гьев хехав вуго (*ургъичIого гьабула*); **быть** *с*

кем-л. **на коро́ткой (дру́жеской) ~é, на коро́ткую (дру́жескую) ~у** гьудуллъиялъулаб гьоркьоблъиялда вукIине; **жить на широ́кую ~у** бечедго, харжазул хIисаб гьабичIого, эркенго гIумру
гьабизе; **поста́вить на́ ~и** гIадамалъе вахъинавизе; **стать на́ ~и :** а) (*оправиться от болезни и т.п.*) сахлъизе, тIаде вахъине б) (*стать самостоятельным*) живго жиндаго чIарав, чияр кумекалде хIажалъуларев чилъун лъугьине; **он на ~а́х не стои́ т** гьев жеги гIадамалъе вахъун гьечIо; **бежа́ть со всех ~** кIихIи тIеледухъ векеризе; **встать с ле́вой ~и́** кеп хвараб куцалда, кеп гьечIого, вукIине; **сбить с ~** гIадлу биххизабизе, гьабулеб ишалъе квалквал гьабизе; **сби́ться с ~** кутакалда сваказе, тату хвезе; **ну́жен (нужна́, ну́жно) как соба́ке пя́ тая ~а́** махIги хIажат гьечIо

НОГА́ЕЦ *м* нугъаяв

НОГА́ЙКА *ж* нугъаяй

НОГА́ЙСКИЙ, -ая, -ое нугъаязул; **~ язы́к** нугъаязул (нугъай) мацI

НОГА́ЙЦЫ *мн.* нугъаял

НОГОВИ́ ЦЫ *мн.* (*ед.* **ногови́ца** *ж*) махIцуял (махIцумачуял)

НОГОТ//О́К *м* 1) *уменьш. от* **но́готь** 2) календула ◊ **с ~о́к** *разг.* малъгIанасеб, цIакъ гьитIинаб

НО́Г//ОТЬ *м* малъ; **~ти на рука́х** кверазда (квердзул килщазда) малъал; **обстри́ чь ~ти** малъал къунцIизе ◊ **до ко́нчиков ~те́й** *кинаб бугониги иш, гIамал-хасият* тIубанго лъазе; **прижа́ть к ~тю** рецIел босизе, жаза гьабизе

НОЖ *м* нус; **складно́й ~** кIичIвалеб нус; **карма́нный ~** кисиниб лъолеб нус ◊ **быть** *с кем-л.* **на ~а́х** *щивгунниги* тушманаб гьоркьоблъиялда вукIине; **приста́ть** *к кому-л.* **с ~о́м к го́рлу** тIаса вичIичIого, къуркьичIого тIалаб гьабизе; **точи́ ть ~ про́тив** *кого-л. лъиениги* квешлъиялъе, зараралъе ургъизе

НОЖЕВ//О́Й, -ая, -ое носол; **~а́я ра́на** носол ругъун

НО́ЖИК *м* гьитIинаб нус

НО́ЖК//А *ж* 1) *уменьш. от* **нога́; прыга́ть на одно́й ~е** цо хIатIида кIанцIезе 2) (*мебели*) бох; **~а крова́ти** кроваталъул бох 3) *бот.* рохти; **цветы́ на дли́нных ~ах** рорхатал тIугьдул ◊ **подста́вить** *кому-л.* **~у**: 1) цебе хIетIе кквезе; 2) *цогидасе* рокьукъаб иш, зарар гьабизе; **по оде́жке протя́гивай ~и** *погов.* ресалда рекъон, гьабе гIумру (хьваде)

НО́ЖНИЦЫ *мн.* 1) кIвекьмахх; **садо́вые ~** ахихъанасул кIвекьмахх (*гъутIби кIурулеб кIвекьмахх*); **портно́вские ~** ратIлил устарасул кIвекьмахх 2) *тех. батIи-батIиял жал къотIулел машинаби*: автоматикияб кIвекьмахх, токалъул кIвекьмахх 3) *перен. (резкое расхождение) хъвалсараб магIна*: кIудияб данде-ккунгутIи

НОЖН//О́Й, -ая, -ое хIатIица хIалтIизабулеб, хIатIил; **~о́й то́рмоз** хIатIил тормоз; **~а́я ва́нна** хIатIазе ванна (*хIатIал бухIараб лъелъ лъей*); **~а́я шве́йная маши́на** хIатIил машина (*букъарулеб*)

НО́ЖНЫ *мн.* лъел; **вложи́ть са́блю в ~** хвалчен лъалиниб лъезе

НОЖО́ВКА *ж (пила)* *гьитIинаб* кверзул хъухъадиро

НОЗДРЕВА́ТЫЙ, -ая, -ое картIахараб; **~ сыр** картIахараб хIан

НО́ЗДРИ *мн.* (*ед.* **ноздря́** *ж*) магIарзукъалазул картIал

НОКА́УТ *м спорт.* нокаут *(боксалда дандеяв анцIго секунд инегIан вахъине кIолареб хIалалде ккей*)

НОКАУТИ́РОВАТЬ *сов. и несов. спорт. кого-что* нокауталде ккезавизе

НОЛЕВО́Й, -ая, -ое *см.* **нулево́й**

НОЛЬ *м* 1) (*цифра, число*) ноль; **термо́метр пока́зывает ~** термометралъ ноль бихьизабулеб буго; **~ це́лых две деся́тых** ноль тIубарабги анцIида кIиго 2) *перен. (о ничтожном, незначительном человеке*) щивго гурев чи (гIадан гурев чи)

НОМЕНКЛАТУ́ РА *ж* номенклатура (*гIелмуялъул кинаб букIаниги бутIаялда, производствоялда ва гь.ц. хIалтIизарулел цIаразул, терминазул сияхI)*; **географи́ческая ~** географиялъул номенклатура; **медици́нская ~** медицинаялъул номенклатура; **~ това́ров** къайидул номенклатура

НОМЕНКЛАТУ́ РНЫЙ, -ая, -ое номенклатураялъул; номенклатурияб; сияхI◊ **~ рабо́тник** тIадегIанаб идараялъ тIамурав хIалтIухъан

НО́МЕР *м в разн. знач.* номер; **~ до́ма** рукъалъул номер; **~ боти́ нок** ботинкабазул номер; **~ облига́ций** облигациязул номер; **в гости́ нице свобо́дных ~о́в нет** гостиницаялда эркенал номерал гьечIо; **хорово́й ~** хоралъул номер ◊ **вы́ кинуть ~** номер гьабизе, ракIалдаго гьечIеб ахIи-хIур бахъинабизе; **э́ тот ~ не пройдёт** гьеб номералъул жо ккеларо (ракIалдаго гьечIого, дуца гьарулел жалазул жо ккеларо)

НОМЕРНО́Й, -ая, -ое 1) номер бугеб; номералъ бихьизабулеб; 2) номералда гъоркь цIар бахчараб (*цIар гьечIеб, номер бугеб завод)*

НОМЕРО́К *м* номерок

НОМИНА́Л *м фин.* номинал (*тIад хвараб багьа*)

НОМИНА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое *фин.* номиналалъул; **~ая сто́имость** номиналияб багьа

НОНПАРЕ́ЛЬ *м полигр.* нонпарель (*басмаялда: цIакъ гьитIинаб хIарпалда цIар*)

НОРА́ *ж* рукIун, каратI; **ли́сья ~** царал каратI; **медве́жья ~** цидул рукIун

НОРВЕ́ЖЕЦ *м* норвегав

НОРВЕ́ЖКА *ж* норвегай

НОРВЕ́ЖСКИЙ, -ая, -ое норвегазул, Норвегиялъул; **~ язы́ к** норвегазул (норвег) мацI

НОРВЕ́ЖЦЫ *мн.* норвегал

НОРД *м мор.* 1) (*направление*) север, севералъул рахъ 2) (*ветер*) севералъулаб (севералдехун пулеб) гьури

НОРД-ВЕСТ *м мор.* 1) (*направление*) севералъул бакътIерхьулаб рахъ 2) (*ветер*) севералъул бакътIерхьулаб рахъалдасан пулеб гьури

НОРД–ОСТ *м мор.* 1) (*направление)* севералъул бакъбаккулаб рахъ 2) (*ветер*) севералъул бакъбаккулаб рахъалдасан пулеб гьури

НО́РКА *ж уменьш. от* **нора́**

НО́РКА[2] *ж (животное и мех*) норка; норкадул цIоко

НО́РКОВ//ЫЙ, -ая, -ое норкадул; **~ый мех** норкадул цIоко; **~ая шу́ба** норкабазул цIаказул *(гьабураб)* хъабарча

НО́РМ//А *ж* 1) (*правило, принятый порядок*) норма, къа-гIида, низам; **~ы поведе́ния** хьвада-чIвадиялъул низам; **~ы литерату́рного языка́** литературияб мацIалъул кIалъалеб къагIида, норма 2) (*установленная мера*) роцен, къадар; **~а вы́работки** хIалтIул рахъиялъул роцен; **сверх ~ы** чIезабураб къадаралда тIадеги; **~ы пита́ния** кванил роцен; **табли́ ца норм** *техн.* роцадул таблица; **~а при́были** хайиралъул чIезабураб къадар ◊ **всё вошло́ в ~у** кинабго гIадилаб къагIидаялде бачIана

НОРМАЛИЗА́ЦИЯ *ж* (*по гл.* **нормализова́ть**) гIадатияб къагIидаялде, роцаде бачин; **~ торго́вли** даран гIадатаб низамалде бачин

НОРМАЛИЗОВА́ТЬ *сов. и несов. что* гIадатаб низамалде бачине, ккезабизе; **~ литерату́рное произноше́ние** литературияб мацIалъул гьаркьал рахъи, кIалъалеб къагIида низамалде бачине

НОРМАЛИЗОВА́ТЬСЯ *сов. и несов.* гIадатаб къагIидаялде, низамалде бачIине, ккезе

НОРМА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое 1) нормалияб, букIине кколеб гIадаб, гIадатаб; **~ый рост** букIине кколеб щват, черх; **~ое разви́тие** гIадатаб, букIине кколеб цебетIей 2) (*психически здоровый*) психикияб рахъалъ сахаб

НОРМАТИ́В *м* норматив, роцен (*жинда рекъон, кинаб букIаниги хIалтIи гьабулеб роцен*); **техни́ческие ~ы** техникиял нормативал, роценал

НОРМАТИ́ВН//ЫЙ, -ая, -ое (*устанавливаемый нормативом*) нормативалъ чIезабураб, нормативияб; жинца норма чIезабулеб; **~ая грамма́тика** нормативияб, жинца норма чIезабулеб грамматика

НОРМИ́РОВАНИЕ *с* нормаби чIезари, нормаби гьари; **~ за́работной пла́ты** харж нормабазда рекъезаби

НОРМИ́РОВАННЫЙ, -ая, -ое норма, роцен, заман чIезабураб; **~ рабо́чий день** заман чIезабураб хIалтIул къо

НОРМИРОВА́ТЬ *сов. и несов.* гIурхъи,нормаби чIезаризе

НОРМИРО́ВЩИК *м* нормировщик (*нормаби чIезарулев хIалтIухъан*)

НОРМИРО́ВЩИЦА *ж* нормировщица

НО́РОВ *м разг.* гIамал, хасият; **ло́шадь с ~ом** гIамал бугеб чу

НОРОВИ́СТ//ЫЙ, -ая, -ое *разг.* мекъаб гIамалалъул; **~ая ло́шадь** мекъаб гIамалалъул чу

НОРОВИ´ //ТЬ *несов. разг.* гIамал гьабизе, къасд букIине; **он всё ~т убежа́ть** дов кидаго лъутизе къасдалда вукIуна

НОС *м* 1) мегIер; **горба́тый** ~ гьодккараб, кIичIараб мегIер; **курно́сый** ~ къокъаб цIутIараб мегIер 2) (*клюв*) гозо 3) (*судна*) росол кIал *(цебесеб рахъ);* ~ **корабля́** гамил кIал 4) (*самолета*) кIал *(цебесеб рахъ)* 5) (*у обуви*) хъитазул тIогь 6) *геогр. мыс* ралъдалъе жанибе биччараб ракьул чIоло ◊ **из-под (са́мого) ~а** берда цебеса (*босизе, хъамизе; тIагIине, нахъе ине*); ~ **к ~у** бадиса бадибе; **зима́ на ~у́** хасел тIаде (нуцIихъе) щолеб буго; **заруби́ть себе́ на ~у́** кIоченчIого букIине, ракIалда чIезабизе; **пе́ред ~ом** берда цебе; **води́ ть за́ ~** гуккизе, махсараде кквезе, къосинавизе; **держа́ть ~ по ве́тру** сверухъе бугеб хIалалда рекъон, жиндирго пикру, хьвада-чIвари хисизабизе; **задра́ть ~** чIухIдаризе, гIамал кIодолъизе; **клева́ть ~ом** кьижаризе, свадизе, гъапуллъизе; **оста́вить** *кого-л.* **с ~ом** гуккизе, щибго гьечIого, тезе; **оста́ться с ~ом** къезе; **пове́сить ~** къварилъизе, пашманалъизе; **сова́ть ~** кколаре ишалда гьоркьове лъугьине, кколарелъубе бетIер бегьизе; **не ви́деть да́льше своего́ ~а** лъавукъавлъун вукIине, берда цебе бугебги бихьунгутIизе; **ткнуть ~ом** хъачIаб куцалъ *лъилниги* кIвар *сунденги* буссинабизе (къалалги тункизарун, бихьизабизе)

НОСА́ТЫЙ, -ая, -ое *разг.* мегIер кIудияв, кIудиял магIарзукъалазул

НО́СИК *м уменьш. от* **нос 1.** гьитIинаб мегIер (магIарзу-къали) **2.** (*у посуды*) моцIу; ~ **ча́йника** чайникIалъул моцIу

НОСИ´ ЛКИ *мн.* носилка, мали (*гIадамал яги бакIлъи босизе гьабураб*)

НОСИ´ ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое ретIунеб, ретIине гьабураб; **~ое бельё** гъоркьан ретIел

НОСИ´ ЛЬЩИК *м* хIамалияв, хIамал, къайибачч

НОСИ́ТЕЛ//Ь *м* 1) кIалъалев, бицунев (*чи*); **~ь ру́сского языка́** гIурус мацIалъ кIалъалев чи; **~и но́вой культу́ры** цIияб культураялъул гIадамал 2) (*распространитель*) тIибитIизабулеб, бахинабулеб (*микроб*); **~ь боле́зни** унти тIибитIизабулеб (*микроб*)

НОСИ́ТЬ *несов. кого-что* босизе, баччизе, разе; ~ **на рука́х** *кого-л. щивниги,* кодов ккун, восизе; ~ **очки´** цIороберал разе; ~ **кольцо́** баргъич ххезе; ~ **тра́ур** чIегIер базе; **она́ но́сит фами´ лию му́жа** росасул фамилия буго долъул; ~ **усы´** михъал тезе; ~ **ко́сы** гъалал тезе; ~ **револьве́р** таманча базе ◊ ~ *кого-л.* **под се́рдцем** лъимаде йикIине; ургьиб лъун, хьихьизе

НОСИ´ ТЬСЯ *несов.* 1) (*быстро двигаться*) женжедизе, рекерахъдизе, рортанхъизе 2) (*об одежде и т.п.*) ретIун букIине 3) *разг. (уделять много внимания)* цIцIикIкIун кIвар кьезе

НО́СКА *ж* (*по гл.* **носи´ ть**) гьаби; баччи; ~ **яи´ ц** ханал гьари

НОСКИ´ *мн.* (*ед.* **носо́к** *м*) бихьиназул щватаби

НО́СК//ИЙ, -ая, -ое 1) *разг. (прочный)* хехго холареб, гIемер заманалъ ретIунеб, щулияб 2) (*о птицах*) гIемер кьинлъарулеб; **~ая поро́да кур** гIанкIабазул (гIанкIуязул) гIемер кьинлъарулеб тайпа

НОСОВ//О́Й, -а́я, -о́е *в разн. знач.* магIарзукъалазул; **~ы´е зву́ки** магIарзухъан рахъулел гьаркьал ◊ **~а́я часть корабля́** гамил цебесеб бутIа, кIал; **~о́й плато́к** квербацIцI

НОСОГЛО́ТКА *ж* мегIер мукъулукъгун цолъулеб бакI

НОСО́К[1] *м см.* **носки´**

НОСО́К[2] *м* 1) *уменьш. от* **нос** 2) (*передняя часть ступни, обуви, чулка*) тIогь; ~ **сапога́** чакмаялъул тIогь, тIогьиса чакма

НОСОРО́Г *м зоол.* 1) (*животное*) носорог, гаргадан 2) (*жук*) оцхIутI (*носорогалда релълъараб)*

НОСТАЛЬГИ́//Я *ж* 1) буссунареб чIалгIен 2) ара-хвараб жоялъул (*гIумруялъул*) пикрабазда вукIин

НО́Т//А[1] *ж муз.* 1) (*знак, звук*) нота (*музыкаялъул щибаб гьаракь хъвалеб гIаламат, ишара ва жибго музыкаялъул яги кочIол гьаракь*) 2) *мн.* **~ы** нотаби; **петь по ~ам** нотабазда рекъон, ахIизе ◊ **~ы неудово́льствия слы´ шались в её го́лосе** гьелъул гьаркьилъ разилъунгутIиялъул гIаламатал ргIулел рукIана

НО́ТА[2] *ж дип.* нота (*цо пачалихъалъ цогидалде хасаб куцалъ гьабулеб хъвавулаб хитIаб*); ~ **проте́ста** дандечIеялъул, разилъунгутIиялъул нота; **обме́н ~ми** нотаби цоцахъе кьей

НОТАРИА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое нотариялияб (*судалъул актал, документазда ва гьезул копиябазда ругел гъолбасал ва гь.ц. ритIухъ гьарулеб*); **~ая конто́ра** нотариалияб контора; ~ **ко́пия** нотариалияб копия

НОТА́РИУС *м* нотариус (*нотариалиял актал ритIухъ гьариялъул хъулухъ тIубазабулев чи*)

НОТА́ЦИ//Я *ж (нравоучение)* насихIат, лъикIаб малъи; **чита́ть ~и** *кому-л. лъиениги* насихIатал гьаризе

НО́ТН//ЫЙ, -ая, -ое нотабазул; **~ая бума́га** нотабазе кагъат; **~ый знак** нотаялъул ишара

НОЧЕВА́ТЬ *сов. и несов.* сордо базе; ~ **под откры´тым не́бом** (рагьараб) зодикь сордо базе

НОЧЁВК//А *ж* сордо бай; **прие́хать с ~ой** *к кому-л. лъиениги* сордо базе рачIине; **похо́д с ~ой** сордо балеб сапар; **оста́ться на ~у** сордо бан, чIезе

НОЧЛЕ́Г *м* 1) (*место*) сордо балеб бакI; **иска́ть ~а** сордо базе бакI балагьизе 2) (*ночевка*) сордо бай; **останови´ться на ~** сордо базе (бан) чIезе

НОЧНИ́К *м* къаси рекIун толеб (загIипаб канлъиялъул) чирахъ

НОЧНИ́ЦА *ж* релъеда боржанхъулеб кIалкIучI

НОЧН//О́Й, -ая, -ое **1.** къасимехалъул, сардил; **~о́й гость** къаси вачIарав гьобол; **~о́й стро́рож** къасихъаравул; **~а́я сме́на** къасисеб смена; **~а́я рабо́та** сардилаб хIалтIи **2.** *в знач. сущ.* **~о́е** *с:* сардилъ чуял хьихьи; **отпра́виться в ~о́е** сардилъ чуял хьихьизе ине

НОЧ//Ь *ж* сордо; **уже ~ь!** сордо щун буго!; **на́ ~ь** кьижилалде, вегилалде цебе; **в ~ь пе́ред отъе́здом** иналде цебесеб сордоялъ; **в три часа́ ~и** къаси (сардилъ) сагIат лъабгоялда; **по ~а́м он чита́ет** къаси-къаси дов цIалдола; **он не спал всю ~ь** дов тIолабго сордоялъ (сордо рогьинегIан) кьижичIо; **споко́йной ~и** сордо лъикI

НО́ЧЬЮ *нареч.* къасимехалъ, сардилъ; **днём и ~** къадги къасиги; **э´той ~** гьаб сордоялъ; **вчера́ ~** сон релъеда ◊ ~ **все ко́шки се́ры** *посл.* сардилъ киналго кутул цо кьералъул рукIуна

НО́ША *ж* раччи, магъ, кIуштIа; **тяжёлая ~** бакIаб раччи ◊ **своя´ ~ не тя´нет** *посл.* нилъерго раччи бакIлъулареб

НО́ШЕН//ЫЙ, -ая, -ое ретIараб, ретIун букIараб; **~ое бельё** басрияб (ретIараб) гъоркьанретIел

НОШУ´ , но́сишь *и т.д. наст. от* **носи´ ть**

НОШУ´ СЬ, но́сишься *и т.д. наст. от* **носи´ ться**

НО́ЩНО *нареч.*: **де́нно и ~** гьоркьоса къотIичIого, кидаго; къадги къасиги

НО́Ю, но́ешь *и т.д. наст. от* **ныть**

НО́ЮЩ//ИЙ, -ая, -ее: **~ая боль** гIисинккун цIунулеб унти

НОЯ́БР//Ь *м* ноябрь; **в ~е́ э´ того го́да** гьаб соналъул ноябралда; **в ~е́ про́шлого го́да** араб соналъул ноябралда; **в ~е́ бу́дущего го́да** бачIунеб соналъул ноябралда

НОЯ́БРЬСК//ИЙ, -ая, -ое ноябралъул; **~ий вечер** ноябралъул сордо

НРАВ *м* 1) (*характер*) гIамал, хасият; **у него́ весёлый ~** досул вохун вукIунеб гIамал буго; **крото́й ~** согIаб гIамал-хасият 2) *мн.* **~ы** (*обычаи, уклад жизни*) гIадатал, рукIа-рахъин; **жесто́кие ~ы** вахIшиял, бецIал гIадатал ◊ **прийти´сь по ~у** *лъиениги* рекIее гIезе, мурадал данде ккезе; **э´то ему́ не по ~у** гьеб досие рекIее гIечIо, гьесул мурадалда данде ккечIо

НРА́ВИ//ТЬСЯ *несов. кому* 1) (*быть по вкусу*) *лъиениги* бокьулеб, жинде ракI цIалеб, рекIее гIолеб асар гьабизе 2) (*располагать к себе*) жиндего цIазе 3) (*быть приятным*) бокьизе, рекIее гIезе; **ему́ ~тся э´та кни´га** досие бокьула гьаб тIехь; **ей ~тся петь** долъие кечI ахIизе бокьула

НРАВОУЧЕ́НИ//Е *с* вагIза-насихIат; **чита́ть ~я** *кому-л. лъиениги* насихIатал цIализе, вагъза гьабизе

НРАВОУЧИ́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое хьвада-чIвади малъиялъул, вагIза-насихIат гьабиялъул; ~ **рома́н** тарбия кьеялъул суалазда тIасан хвараб роман

НРА́ВСТВЕННОСТ//Ь *ж* гIадамазул хьвада-чIвадиялъул къагIида, норма; яхI-намус буголъи; **челове́к высо́кой ~и** тIадегIанаб гIамал-хасияталъул, яхI-намусалъул, хьвада-чIвадиялъул инсан

НРА́ВСТВЕНН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*духовный*) рухIияб; **~ое разви́тие** рухIияб цебетIей 2) (*соблюдающий требования нравственности*) хьвада-чIвадиялъул къагIидаби, тIалабал цIунулев, тIуразарулев 3) (*отношение к нормам поведения человека в обществе*) обществоялда чиясул хьвада-чIвадиялъул къагIидабазда бухьараб

НУ *межд. разг.* 1) (*выражает побуждение*) гьая, же; **ну, скоре́е!** же (гьая), хехго! 2) (*выражает удивление, неодобрение*) вахI, гьуя, вабабай; **ну и дождь!** вабабай, цIад!

НУ́ ДНЫЙ, -ая, -ое бизара гьабулев, чIамучIав, чIалгIинабулев, тIаса вичIуларев; **~ разгово́р** чIамучIаб калам; **~ челове́к** бизара гьабулев чи

НУЖД//А́ *ж* 1) (*бедность*) мискинлъи, язихълъи; **жить в ~е́** язихълиялда гIумру гьабизе 2) (*потребность*) хIажалъи, къваригIин; **~ы населе́ния** халкъалъул хIажалъаби; **испы́тывать ~у́** *в чем-л. щибниги* къваригIине; **в слу́чае ~ы́** хIажалъи ккараб мехалъ; **~ы́ нет** хIажалъи гьечIо; **по ~е́:** 1) (*по необходимости*) хIажалъи ккани; 2) (*по естественной надобности*) тIабигIияб къваригIел тIубазе ккани

НУЖДА́//ТЬСЯ *несов.* 1) (*находиться в бедности*) язихълъиялда рукIине; **они́ о́чень ~ются** дол цIакъ язихъ руго 2) *в ком-чём (испытывать потребность*) хIажалъи, къваригIел ккезе; **~ться в деньга́х** гIарац хIажалъизе; **он ~ется в по́мощи** гьев кумекалде хIажат вуго

НУ́ ЖНО *в знач. сказ. безл. кому-чему, кого-что, чего* хIажат буго, къваригIун буго; **что вам ~ ?** щиб нужее къваригIун бугеб? **не ~ расстра́иваться** къварилъизе ккеларо ◊ **о́чень ~ !** кинабгIаги хIажалъи гьечIо! (дие хIажат гьечIо!)

НУ́ ЖН//ЫЙ, -ая,-ое хIажатаб, къваригIараб, гьечIого гIолареб; **~ый челове́к** хIажатав чи; **он не счита́ет да́же ~ым отвеча́ть** гъос хIатта жаваб кьезецин хIажатаблъун рикIкIунеб гьечIо; **получи́ ть ~ые све́дения** къваригIунел баянал щвезе; **сон ну́жен для здоро́вья** макьу къваригIуна сахлъиялъе

НУ́ -КА *межд. разг.* жея, гьая; **~, почита́й!** гьая, цIалея!; **~ , сбегай!** жея, векере!

НУ́ КЕР *м* нукар (*19 векалда Кавказалда аскаралъул бетIер цIунулезул цояв*)

НУЛЕВ//О́Й, -а́я, -о́е нолалъул, нолалда бащадаб

НУЛ//Ь *м* 1) ноль; **пять гра́дусов вы́ ше (ни́ же) ~я́** щуго градусалъ нолалдаса цIикIкIун (дагь), тIадехун (гъоркьехун) (*буго*); **результа́т ра́вен ~ю́** хIасил нолалда бащадаб буго (*кигIан гьитIинабги хIасил ккун гьечIо*); **свести́ к ~ю́** нулалде бачине (*бащад гьабизе*) 2) (*о ничтожном человеке*) щивго гурев чи

НУМЕРА́ЦИЯ *ж* **1.** (*по гл.* **нумерова́ть**) номерал лъей **2.** (*цифровое обозначение, порядок номеров*) *цоцазда хадур ругел жалазул* тартиб тарихаздалъун баян гьаби (бихьизаби)

НУМЕРОВА́ТЬ *несов.* номерал кьезе; **~ страни́ цы** гьурмазда номерал лъезе

НУМИЗМА́Т *м* нумизмат (*некIсияб гIарац ва медалал ракIарулев, лъазарулев гIалимчи*)

НУМИЗМА́ТИКА *ж* нумизматика (*некIсияб гIарац ва медалал лъазарулеб гIелму*)

НУ́ТРИЯ *ж зоол.* нутрия; нутриялъул цIоко (*ракъдадаги лъелъги гIумру гьабулеб, къиматаб цокоги бугеб гIонкIкIол тайпалъул рухIчIаголъи*)

НУТР//О́ *с* 1) (*внутренности*) ургьимес; **все ~о́ боли́ т** тIолабго ургьимес унтулеб буго 2) *перен. (о душевном мире)* рухIияб рахъ; **он ~о́м уга́дывает** досда, хIалалъ бицун, лъала ◊ **з́ то мне не по ~у́** дие гьеб рекIее гIоларо

НЫ́НЕ *нареч. уст.* гьанже, гьаб заманалда

НЫ́НЕШН//ИЙ, -яя, -ее 1) гьанжесеб; **~ее ле́то** гьанжесеб рии; **в ~ем году́** гьаб соналъ 2) (*современный*) нилъер заманалъул; **~яя молодёжь** нилъер заманалъул гIолилал

НЫ́ НЧЕ *нареч. разг.* 1) (*сегодня*) жакъа 2) (*теперь*) гьанже; **~ старикам почёт** гьанже херазул хIурмат гьабула

НЫРНУ́ ТЬ *однокр.* 1) (*погрузиться*) (лъелъ) букъизе; **глубоко́ ~** гъваридго букъизе 2) *перен. разг. (скрыться*) цебеса тIагIине, тIерхьине

НЫРЯ́ //ТЬ *несов.* вукъардизе, вукъун лъедезе; **ло́дка ~ла в во́лнах** раса карачалабалъ букъардулеб (букъун-баккун) букIана

НЫ́ТИК *м разг.* даим зигардулев, гIарзагъунев вукIунев чи, бизбиз, зурзургIемер

НЫТЬ *несов.* 1) (*болеть*) судизе, гIисинккун цIунизе; **у меня́ зуб но́ет** дир гIус цIунулеб буго; **се́рдце но́ет** ракI судулеб (къварилъулеб) буго 2) *разг. (жаловаться*) зигардизе, мимидизе; **что ты но́ешь?** мун щай зигардулев? 3) (*плакать*) гIодизе

НЫТЬЁ *с разг.* **1.** (*по гл.* **ныть**) суди, цIуни **2.** (жалобы) зигарди, мимиди **3.** (*плач*) гIоди

НЮА́НС *м* гIиси-бикъинаб батIалъи (*кьеразул, гьаркьазул, кIалъаялъул*); **~ы произноше́ния** гьаркьал рахъиялъулъ гIиси-бикъинаб батIалъи

НЮ́ НИ: распусти́ ть ~ *разг.* а) (*расплакаться*) гIодизе, магIу тIезе б) (*приуныть*) къварилъизе, гIодов чIвазе

НЮ́ НЯ *м, ж (плакса)* загIипаб гIамалалъул чи; гIодухъвата

НЮХ *м* 1) (*обоняние у животных*) махI лъай, махI бачин; **у соба́к хоро́ший ~** гьабзаз махI лъикI бачуна (гьабзазда махI лъикI лъала) 2) *перен. разг.* цIодорлъи, нахъгIунтIи; **име́ть ~** *на что* хехго хадув гъезе, бичIчIизе, цебеккун лъазе (махI чIвазе)

НЮ́ХАТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое: **~ таба́к** сунтI,сунтIулеб тамахьо

НЮ́ХА//ТЬ *несов. кого-что* махI сунтIизе; **~ть табо́к** танхьил махI сунтIизе; **~ть нашаты́рный спирт** нашатыралъул спирталъул махI сунтIизе ◊ **он по́роха не ~л** гьес жеги туманкI кьвагьичIо, рагъда вукIинчIо

НЯ́НЧИТЬ *несов. кого-что* хьихьизе, тIалаб-агъаз гьабизе; **~ вну́ков** васакIаби (лъималазул лъимал) хьихьизе, руссинаризе

НЯ́НЧИТЬСЯ *несов.* 1) *с кем (ухаживать*) тIалаб-агъазалъе кумек гьабизе; **~ с детьми́** лъимал руссинаризе 2) *с кем-чем перен. разг. (возиться) лъилниги* тIад чIун тIалаб, ургъел гьабизе; **дово́льно с ним ~** гIела гьесул тIалаб гьабураб, кечезавурав

НЯ́ НЬКА *ж разг. см.* **ня́ ня ◊ у семи́ ня́ нек дитя́ без гла́зу** *посл.* анкьго нянькаялъ хьихьараб лъимер, бер тIаса босун, хутIулебила (гIухьби гIемераб гIи бацIица чIвалебила)

НЯ́ НЯ *ж* няня *(1 хъизамалда лъимер хьихьулей гIадан;* 2 *разг. (больницаялда) унтаразе хъулухъ гьабулей гIадан*)

О

О[1] (об, обо) *предлог* 1) *с вин. п. (указывает на соприкосновение*) **споткну́ться о ка́мень** ганчIида тункизе (малъ кIутIизе); **па́лец о па́лец не уда́рил** килщида килищ кIутIичIо 2) *с предл. п. (обозначает цель, направление чего-л.):* **забо́титься о де́тях** лъималазул тIалаб-агъаз гьабизе; **весть о побе́де** бергьенлъиялъул хIакъалъулъ хабар 3) *с предл. п. (при обозначении числа однородных частей*): **па́лка о двух концах** тIилил кIиго рахъ букIуна *(квеш ккезеги бегьула, лъикI ккезеги бегьула);* **конь о четырёх нога́х, да и то спотыка́ется** чол ункъо бох букIуна, амма гье-лъулгицин малъ кIутIула

О[2] *межд.* 1) (*усилительное при обращении*) огь: **о, друзья́ !** огь, гьудулзаби! 2) (*при удивлении, сожалении*) ва; вахI; **о, как краси́во!** вахI, бугеб берцинго!; **о, кого́ я ви́ жу!** ва, щив дида вихьулев вугев*! (ва, мунгийищ дида вихьулев!)* 3) (*при боли*) вай: **о, бо́льно!** вай, унтулеб буго!

ОА́ЗИС *м* оазис (*салул авлахъалда лъим бугеб, гъветI-хер бижулеб бакI*)

ОБ *предлог см.* **о[1]**

О́БА *числ. м, с* (**о́бе** *ж*) кIиябго (кIиявго, кIияйго, кIиялго); **о́ба сы́на на заво́де** кIиявго вас заводалда вуго; **о́бе до́чери студе́нтки** кIияйго яс студенткаби руго ◊ **обе́ими рука́ми подписа́ться** кIиябго квералъ (цIакъ разилъун) гъолбас гьабизе *(гъол басине),* цIакъ гьираялда разилъизе; **смотре́ть (гляде́ть) в о́ба** кIиябго бадисан валагьизе, цIодорго вукIине

ОБАГРИ́ТЬ *сов. кого-что* билбагIар гьабизе, бидукьер гьабизе; **~ кро́вью** бидуца белъине, багIар гьабизе ◊ ~ ру́ки кро́вью *щивниги* чIвазе

ОБАГРИ́ТЬСЯ *сов.* багIарлъизе, билбагIарлъизе, багIарлъун ине

ОБАГРЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **обагри́ ть(ся)**

ОБАЛДЕ́ЛЫЙ, -ая, -ое *разг.* хагарав, хаган хутIарав, бетIер бикьакълъарав, гIадхарав, **~ вид** хагараб куц-мухъ

ОБАЛДЕ́ТЬ *сов. разг. (одуреть*) гIадхазе, хагазе, бетIер бикьакълъизе, гIантлъизе; хаган хутIизе; **~ от ску́ки** ракIгъунгутIиялъ (*чIалгIеналъ*) хаган (*щиб гьабилебали лъаларого*) хутIизе

ОБАНКРО́ТИТЬСЯ *сов. прям., перен.* хъаркIаслъизе, хъарцинлъизе; бугеб-гьечIеб жоялдаса ватIалъун, налъукье ккезе, кутурлъизе

ОБАЯ́НИЕ *с* гьайбатлъи; ракI тIадецIай; хIасратаб асар гьаби; пана гьарулеб (панаяб) асар; **~ мо́лодости** гIолохъанлъиялъул гьайбатлъи

ОБАЯ́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое хIайран гьабулеб, сагьвил гьабулеб, пана гьарулеб, гьайбатаб, ракI тIаде цIалеб; **~ челове́к** гьайбатав инсан

ОБВА́Л *м* 1) тIей, ччу́кIи, гьу́ни; **сне́жный ~** гIазу ччукIи (гIанси тIей); **стена́ грози́ т ~ом** къед ччукIиялъул хIинкъи буго 2) тIун, ччукIун, гьунун бачIараб жо (*ракь, ганчIал, гIанси*), ччукIел; **~ прегради́ л путь реке́** ччукIелалъ гIуруе нух къана

ОБВА́ЛИВАТЬ[1] *несов. см.* **обвали́ ть**

ОБВА́ЛИВАТЬ[2] *несов. см.* **обваля́ ть**

ОБВА́ЛИВАТЬСЯ[1] *несов. см.* **обвали́ ться**

ОБВА́ЛИВАТЬСЯ[2] *несов. см.* **обваля́ ться**

ОБВАЛИ́ ТЬ *сов. что* 1) (*обрушить, вызвать обвал*) ччукIизабизе, биххизабизе, тIатIала ккезабизе 2) (*обложить чем-л., сделать насыпь вокруг чего-л.*) сверун базе, хъвазе, сангар гьабизе; **~ стену́ землёй** къадада (къед) сверун ракь базе, хъвазе

ОБВАЛИ́ТЬСЯ *сов. (обрушиться, осыпаться)* тIатIала ккезе; ччукIун, биххун ине; тIун бачIине

ОБВАЛЯ́ТЬ *сов. кого-что в чем сунданиги гъорлъ* гиргизабизе, чIва-чIвазе; **~ котле́ту в муке́** котлета ханжуялда гъорлъ гиргизабизе, чIва-чIвазе

ОБВАЛЯ́ТЬСЯ *сов. разг.* гиргидизе, гебегахъдизе; **~ в грязи́** хIаршулъ гебегахъдизе, гиргидизе

ОБВА́РИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **обвари́ ться**

ОБВАРИ́ТЬ *сов. кого-что (обдать кипятком, ошпарить)* бухIараб лъим тIаде тIезе, речIчIизабизе; хIухьлаца, лъеца, *кинаб букIаниги* лъамалъиялъ бухIизабизе; **~ ве́ник** цIилцIида бухIараб лъим речIчIизабизе, бухIараб лъелъе бегьизе; **~ ру́ку** (*хIухьлаца, гьалараб лъеца*) квер бухIизабизе

ОБВАРИ́ТЬСЯ *сов.* бухIизе (*хIухьлаца, лъеца…*); **~ кипятко́м** гьалараб лъеца бухIизе

ОБВЕНЧА́ТЬ *сов. кого, кого с кем* магьари лъезе

ОБВЕНЧА́ТЬСЯ *сов. с кем лъилгунниги* магьари лъун, данделъизе

ОБВЕРНУ́ ТЬ *сов. кого-что* 1) (*обмотать*) сверун жемизе; **~ косу́ вокру́г головы́** гъал бетIер сверун жемизе 2) (*завернуть*) гьорлъ жемизе; **~ кни́ гу в газе́ту** тIехь газеталда гьорлъ жемизе

ОБВЁРТЫВАТЬ *несов. см.* **обверну́ть**

ОБВЕ́С *м* (*по гл.* **обве́сить**) цIавулъ камизаби, камизабун цIай

ОБВЕ́СИТЬ *сов. кого* цIавулъ камизабизе, камизабун цIазе, цIавулъ хIилла гьабизе

ОБВЕСТИ́ *сов.* 1) *кого (вокруг чего-л.*) *щивниги сунданиги* сверун вачине 2) *сунданиги* сверун хIучч цIазе 3) сверун къазе 4) *цебеккун гIуж, ишара гьабураб бакIалда* тIасан бачине, цIазе; **~ чертёж ту́шью** чертеж тушалъ бахъизе (*масала, карандашалъ бахъаралда тIасан*) 5) гуккизе ◊ **~ вокру́г па́льца** махщалида гуккизе, сихIирго махсараде ккевзе

ОБВЕ́ТРЕННЫЙ, -ая, -ое 1) (*о скалах и т.п.*) гьороца жагъал гьабураб, чIучIхIинабураб, гIанлъ-гIанлъизабураб, къватI-къватIизабураб 2) (*о коже и т.п.*) гьороца чIучIинабураб, гьороца бухIараб (*гьумер*), хъачI гьабураб, хъачIлъизабураб

ОБВЕТРЕ́ТЬ *сов.* чIучIхIине; жагъалъизе; чIучIине; **его́ лицо́ ~ло** гьесул гьумер (*гьороца*) чIучIун буго, хъачIлъун буго

ОБВЕ́ТРИТЬ *сов. что* 1) гьорол асаралъ биххизабизе 2) чанлъизабизе, чIучIинабизе, хъачI гьабизе 3) гьороца бакъвазабизе

ОБВЕ́ТРИТЬСЯ *сов. см.* **обветре́ть**

ОБВЕТША́ЛЫЙ, -ая, -ое басралъараб, хохораб, хараблъараб

ОБВЕТША́ТЬ *сов.* басралъизе, хараблъизе, басралъиялъ хохозе

ОБВЕ́ША//ТЬ *сов. кого-что чем разг.* киса кирего разе, ригъизе, дализаризе; **вся ко́мната ~на ковра́ми** тIолабго рукъалда (рукъалъул къадазда) тIансаби ригъун руго

ОБВЕ́ШАТЬСЯ *сов. жиндаго щиб-щибниги* жо базе, рекIинабизе

ОБВЕ́ШИВАТЬ[1] *несов. см.* **обве́сить**

ОБВЕ́ШИВАТЬ[2] *несов. см.* **обве́шать**

ОБВЕ́ЯТЬ *сов. разг. см.* **ове́ять**[1]

ОБВИВА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **обви́ ть(ся)**

ОБВИНЕ́НИЕ *с* I. (*по гл.* **обвини́ть**) гIайиб, такъсир гIунтIизаби **2.** *юр. (приговор) такъсир тIад чIезабураб* хIукму **3.** *юр. (обвиняющая сторона*) гIайиб гIунтIизабулеб рахъ (*судалда*)

ОБВИНИ́ТЕЛЬ *м юр.*такъсир (гIайиб) гIунтIизабун, кIалъалев

ОБВИНИ́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое гIайиб тIад чIезабиялъул; гIайиб тIад чIезабиялда хурхараб кIалъай; **~ ый приговор** гIайиб гIунтIизабураб хIукму

ОБВИНИ́ТЬ *сов. кого-что в чём* 1) такъсир гIунтIизабизе, гIайиб тIад чIезабизе; *~ кого-л.* **в легкомы́слии** гIакълу гьечIолъи, тIадагьлъи сабаблъун *лъидениги* гIайиб гIунтIизабизе; **~ в нени́скренности** ракIбацIцIалъи гьечIолъиялъе гIоло гIайиб гIунтIизабизе 2) *(вынести приговор*) хIукму къотIизе

ОБВИНЯ́Й ЕМАЯ *юр. ж* жинде гIайиб гIунтIизабурай

ОБВИНЯ́Й ЕМЫЙ, *м юр.* жинде гIайиб гIунтIизабурав; **допро́с ~ого** гIайиб гIунтIизабурасул цIехрех гьаби (сурав боси)

ОБВИНЯ́ТЬ *несов. кого-что* 1) *см.* **обвини́ть;** 2*) юр. (выступать обвинителем) (жинца)* гIайиб гIунтIизабулевлъун кIалъазе вахъине

ОБВИСА́ТЬ *несов. ст.* **обви́снуть**

ОБВИ́СЛ//ЫЙ, -ая, -ое *разг.* цIан бачIараб, гIодобе далараб; **~ ые усы́** гIодоре даларал михъал

ОБВИ́С//НУТЬ *сов.* гIодобе дализе**,** дал-дализе; **кожа на щека́х ~ ла** кIаркьабазда тIом цIан бачIун буго, гIодобе далун (гьартун) буго

ОБВИ́//ТЬ *сов. 1) что (обмотать что-л. вокруг чего-л.)* сверун жемизе; тIад жемизе; **~ть ко́сы вокру́г головы́** гъалал ботIрода сверун жемизе 2) *кого-что (охватить)* къвал базе, къвал бан, кквезе 3) *что (окутать)* бацизабизе; тIад бигъизе; **ска́лы~ты тума́ном** кьураби накIкIуца рацизарун (рахчун) руго

ОБВИ́ТЬСЯ *сов. (вокруг кого-чего) (сверун)* жемун букIине; жемизе; **хмель ~лся вокруг столб**а хомелег хIобода (*сверун)* жемун буго

ОБВОДИ́ТЬ неосв**.** см. **обвести**

ОБВОДНЕ́НИЕ *с (по гл.* **обводни́ть)** лъеда (лъеде) хьезаби

ОБВОДНИ́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое лъеда хьезабиялъул; лъеда хьезабиялда бухьараб (хурхараб)

ОБВОДНИ́ТЬ *сов. что* лъеда хьезабизе; **~засу́шливые райо́ны** ракъдалал районал (ракьал) лъеда хьезаризе

ОБВО́ДНЫЙ, -ая, -ая *сунданиги* сверун унеб; **~ канал** сверун унеб канал

ОБВОДНЯ́ТЬ несов. см. обводнить

ОБВОЛА́КИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **обволо́чь(ся)**

ОБВОЛО́//ЧЬ *сов. кого-что разг.* бахчизабизе, бацизабизе; **ту́чи~ ли не́бо** накIкIаз зоб бахчизабуна

ОБВОЛО́ЧЬСЯ *сов. чем* бахчизе, бацизе; тIупун лъезе; **не́бо ~клось ту́чами** накIкIаз зоб бахчана

ОБВОРА́ЖИВАТЬ *несов. см.* **обворожи́ть**

ОБВОРОВА́ТЬ *сов. кого-что разг.* бикъун лъугIизабизе бикъун тIагIинабизе; *лъилниги щибниг* бикъизе

ОБВОРО́ВЫВАТЬ *несов. см.* **обворова́ть**

ОБВОРОЖИ́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое хIайран гьарулеб, пана гьарулеб; **~ ая улы́бка** пана (хIайран) гьарулеб гьими

ОБВОРОЖЙ//ТЬ *сов. кого-что (очаровать*) хIайран, пана гьаризе, рокьи ккезабизе, **артиґст ~л всех своёй игрóй** артистас жиндирго хIаялъ киналго пана (сагьвил) гьаруна

ОБВЯЗА́ТЬ *сов.* 1) *кого-что (омотать)* тIад жемун, бухьине; ~ **го́лову платко́м** кIазица бетIер бухьине 2) *сундулниги* ргIал (мицIир) угьун берцин гьабизе; щула гьабизе

ОБВЯЗА́ТЬСЯ *сов. чем* бухьине (*жиндаго тIад*) жемизе; ~ **платко́м** кIазалъ юхьине

ОБВЯ́ЗЫВАТЬ(СЯ) *несов. см***. обвязать(ся)**

ОБГЛА́ДЫВАТЬ *несов. см***. обглода́ть**

ОБГЛОДА́ТЬ *сов.что* хъарсун рехизе; сверда-сверун цабзаз букъа-бутIун рехизе, букъун бахъинабизе

ОБГОВОРИ́ТЬ *сов. что разг.* данд базе, гьоркьоб лъезе: **э́то де́ло на́до хорошо́нько** ~гьеб иш лъикIаб хIалалъ данд базе ккола; прост. бугьтан лъезе

ОБГО́Н *м (по гл.* **обогна́ть**) цебе кIанцIи**; ~маши́ны** машина цебе кIанцIи *(цебе бугелда хадубги гъун. цебе ин);* **~запрещён** цере кIанцIизе гьукъун буго

ОБГОНЮ, обгонишь *и т.п. буд. от* **обогна́ть**

ОБГОНЯ́ТЬ *несов. см.* **обогна́ть**

ОБГОРА́ТЬ *несов. см.* **обгоре́ть**

ОБГОРЕ́Л//ЫЙ, -ая, -ое цIадуца бухIараб; бакъуца бухIараб; **~ ые сте́ны** цIадуца рухIарал къадал

ОБГОРЕ́//ТЬ *сов.* 1) *(сгореть снаружи*) къватIисан, тIасан бухIизе; **дом ~л** мина къватIисан бухIана 2) (*получить ожоги*) вухI-вухIизе; **танки́ст ~л в та́нке** танкист танкалда жанив вухI-вухIана

ОБГРЫЗА́ТЬ *несов. см* **обгры́зть**

ОБГРЫ́ЗТЬ *сов. что (объесть снаружи*) сверун *(цабзаз)* букъизе; букъа-бутIизе, тIаса хъусизе

ОБДАВА́ТЬ *несов. см* обда́ть

ОБДА́ТЬ *сов. кого-что чем* 1) *(облить*) тIаде тIун биччан тезе; тIаде гьулчун бачIине; **~ холо́дной водо́й** цIорораб лъим тIаде тIун биччан тезе (тIун балагьизабизе); кинабго рахъалдасан тIезе 2) *перен. (охватить, пронизать*) сверун кквезе; къвал базе, сверухъе чIезе; бессизе; жанибе бачине; **меня́ обда́ло хо́лодом** цIороялъ дида къвал бана (цIорой, квач дида гъорлъ бессана)

ОБДЕ́ЛАТЬ *сов. что 1) (обработать)* лъугьинабизе тIад хIалтIи гьабизе; **~ ко́жу** цIоко-тIом лъугьинабизе 2) *(облицевать)* тIад кквезе; *что-л.* мрамором (*берцинлъиялъе) сунданиги тIад* мармар ккезе 3) уст. *(вставить)* лъезе, ккезе; тад хIалтIи гьабизе; **~ драгоце́нный ка́мень** *(баргъичалда*) нагIли лъезе 4) *разг. (устроить, закончить)* лъугIизабизе, тIубазабизе; **~ все свои́ дела́** киналго жиндирго ишал тIуразаризе; 5) *прост*. бигьаго махсараде ккезе

ОБДЕЛИ́ ТЬ *сов. кого-что чем щибниги* бикьулаго, *щивниги* махIрум гьавизе яги *цогидазеялдаса* дагь кьезе; **пода́рками** са́йгьатаздаса ватIа (махIрум) гьавизе

ОБДЕ́ЛЫВАТЬ *несов. см.* **обде́лать**

ОБДЕЛЯ́ТЬ *несов. см* **обдели́ть**

ОБДЕРУ́, обдерешь *и т.д буд. от* **ободра́ть**

ОБДИРА́ЛА *м. ж разг***.** кколлелдаса цIикIкIун харж, багьа *ва гь.ц.* босулев, тIалаб гьабулев чи *(босулей гIадан);* гIадамал ретIулев чи, хачаро

ОБДУВА́ТЬ *несов. см.* **обду́ть**

ОБДУ́ МАННЫЙ, -ая, -ое лъикI ургъун гьабураб; **~ое реше́ние** лъикI ургъун гьабураб хIукму

ОБДУ́ МАТЬ *сов. что* тIад ургъизе, ургъун мухIкан гьабизе; ургъун цо пикруялде вачIине; **свой отве́т** жиндирго жаваб тIад ургъун кьезе

ОБДУ́МЫВАТЬ *несов. см.* **обду́мать**

ОБДУРИ́ТЬ *сов. кого разг.* гуккизе, гIабдаллъун гьавизе, гIабдаллъун рикIкIине

ОБДУ́ //ТЬ *сов. кого-что* 1) (*очистить дуновением*) пун бацIцIад гьабизе 2) *безл. (овеять, освежить*) гьава чIвазабизе, гьогьомизабизе; **их ~ло ве́тром** дол гьороца гьогьомизаруна 3) *разг. (обмануть)* гуккизе, махсараде ккезе

О́БЕ *ж см.* **о́ба**

ОБЕ́ГА//ТЬ *сов. кого-что разг.* хехго (векерун) кивего, киназухъего щвезе; **он ~л всех свои́х това́рищей** дов хехго киналго жиндирго гьалмагъзабазухъе щвана

ОБЕГА́ТЬ *несов. см.* **обе́гать, обежа́ть**; *лъидасаниги* тIурун ворчIизе, ворчIизе гIамал гьабизе

ОБЕ́Д *м* 1) (*приём пищи*) аслияб (къаде) кванай; **за ~ом** къаде кваналеб мехалъ 2) (*пища, еда*) къадеялде гьабураб квен; къадеквен; **вку́сный** ~ татуяб къадеквен 3) *разг.* къадеквание (гьабулеб) перерыв, къаде кваналеб мех

ОБЕ́ДАТЬ *несов.* къаде кваназе

ОБЕ́ДЕННЫЙ, -ая, -ое къадекванил, къадеквание бугеб; ~ **стол** кванил стол; ~ **переры́в** къадеквание перерыв, къадекванил заман

ОБЕДНЕ́ВШИЙ, -ая, -ое мисикинлъарав

ОБЕДНЕ́НИЕ *с* 1) (*по гл.* **обедне́ть**) мискинлъи 2) (*по гл.* **обедни́ ть**) мискин гьаби

ОБЕДНЕ́ТЬ *сов.* мискинлъизе

ОБЕДНИ́ТЬ *сов. кого-что* мискин гьавизе, мискин гьабизе (*масала: литературияб сипат, хIасил*)

ОБЕ́ДНЯ *ж рел.* обедня (*христианаз (насранияз) килисаялда радал яги къалъизегIан тIобитIулеб аслияб хъулухъ*), литургия

ОБЕДНЯ́ ТЬ *несов. см.* **обедни́ть**

ОБЕЖА́ТЬ *сов. кого-что* 1) *см.* **обе́гать** 2) (*вокруг кого-чего-л.*) *сунданиги* сверун векеризе; ~ **дом** рукъалда сверун векеризе ◊ ~ **глаза́ми** хехго бер речIчIизабизе, щвезабизе

ОБЕЗ- (ОБЕС-) *приставка; сундасаниги эркен, махIрум гьарияльул магIна бугел глаголал лъугьинарулеб, мас*.: **обезжи́рить** беэнлъи гьечIеблъун гьабизе; **обезгла́вить** бетIер къотIизе; **обезу́меть** ахIмакълъизе, гIакълуялдаса ине; **обезбо́лить** унти дагь гьабизе, гIодоцинабизе

ОБЕЗБО́ЛИВАНИЕ *с* (*по гл.* **обезбо́ливать**) унтулареблъун гьаби, унти лъазе тунгутIи, унти гIодоцинаби

ОБЕЗБО́ЛИВАТЬ *несов. см.* **обезбо́лить**

ОБЕЗБО́ЛИВАЮЩ//ИЙ, -ая, -ее унти лъугIизабулеб, инабулеб, бахъулеб; **~ие сре́дства** унти бахъулел дараби

ОБЕЗБО́ЛИТЬ *сов. что* унти инабизе, унти тIагIинабизе, унти бахъизе

ОБЕЗВО́ДИТЬ *сов. что* лъедаса махIрум гьабизе; лъим лъугIизабизе; лъедаса бацIцIад гьабизе; чорхолъа лъим лъугIизе

ОБЕЗВО́ЖИВАТЬ *несов. см.* **обезво́дить**

ОБЕЗВРЕ́ДИТЬ *сов. кого-что* зарал гьечIеблъун гьабизе; ~ **ми́ ну** мина зарал гьечIеблъун гьабизе

ОБЕЗГЛА́ВИТЬ *сов.* 1) *кого* бетIер къотIизе 2) *что перен.* бетIерасдаса, нухмалъиялдаса махIрум гьаризе

ОБЕЗГЛА́ВЛИВАТЬ *несов. см.* **обезгла́вить**

ОБЕЗДО́ЛЕННЫЙ, -ая, -ое бутIаялдаса махIрум гьавурав; къо бухIарав, захIматаб хIалалда вугев (ккарав)

ОБЕЗДО́ЛИВАТЬ *несов. см.* **обездо́лить**

ОБЕЗДО́ЛИТЬ *сов. кого-что* хIажатаб *сундасаниги* махIрум гьаризе; захIматаб, язихъаб хIалалде ккезаризе

ОБЕЗЖИ́РЕННЫЙ, -ая,-ое гьорлъа беэнлъи тIагIинабураб, батIа гьабураб

ОБЕЗЖИ́ РИВАТЬ *несов. см.* **обезжи́рить**

ОБЕЗЖИ́РИТЬ *сов. что* гьорлъа нах, беэнлъи тIагIинабизе

ОБЕЗЗАРА́ЖИВАНИЕ *с* (*по гл.* **обеззара́зить**) унти ккезабулел бактериял хвезари, дезинфекция гьаби

ОБЕЗЗАРА́ЖИВАТЬ *несов. см.* **обеззара́зить**

ОБЕЗЗАРА́ЗИТЬ *сов. что* унти ккезабулел бактериял даруялъ хвезаризе, дезинфекция гьабизе, унти бахунареблъун гьабизе

ОБЕЗЗЕМЕ́ЛИВАНИЕ *с* (*по гл.* **обезземе́лить**) ракьудаса (ракьул бутIаялдаса) махIрум гьари

ОБЕЗЗЕМЕ́ЛИВАТЬ *несов. см.* **обезземе́лить**

ОБЕЗЗЕМЕ́ЛИТЬ *сов. кого-что* ракьул бутIаялдаса махIрум гьаризе

ОБЕЗЛЕ́СИТЬ *сов. что (лишить лесов) кинаб бугониги бакI* рохьалдаса бацIцIад гьабизе, рохьал лъугIизаризе

ОБЕЗЛИ́ЧИВАТЬ *несов. см.* **обезли́чить**

ОБЕЗЛИ́ЧИТЬ *сов.* 1) *кого-что (лишить отличительных черт*) цогидазулалдаса батIалъулеб, жиндиего хасаб хасияталдаса махIрум гьабизе, гьеб гIамал тIагIинабизе 2) *что* цоцада релъгьараблъун, хаслъи гьечIеблъун гьабизе; ~ **рабо́ту** хIалтIи батIалъи

гьечIеблъун, цогидазулалда релълъараблъун лъугьинабизе 3) жавабчилъи гьечIеб хIалалде ккезабизе

ОБЕЗЛИ́ЧКА *ж* бетIергьанчи гьечIолъи; хIалтIул, механизмабазул, тIагIелазул жаваб кьолев чи гьечIолъи; хIалтIул мекъияб низам

ОБЕЗЛЮ́ДЕТЬ *сов.* гIадамал гьечIого хутIизе, чIобоголъизе

ОБЕЗОБРА́ЖИВАТЬ *несов. см.* **обезобра́зить**

ОБЕЗОБРА́ЗИТЬ *сов. кого-что* коцокълъизабизе, бегIукълъизабизе, сурукълъизабизе, куц хвезабизе

ОБЕЗОПА́СИТЬ *сов. кого-что* хIинкъиялдаса цIунизе, хIинкъи гьечIолъи чIезабизе (букIинабизе)

ОБЕЗОПА́СИТЬСЯ *сов. живго* хIинкъиялдаса цIунизе, *жиндиего* хIинкъи гьечIолъи букIинабизе

ОБЕЗОРУ́ЖИВАТЬ *несов. см.* **обезору́жить**

ОБЕЗОРУ́ЖИТЬ *сов. кого-что* 1) кодоса ярагъ бахъизе, ярагъ гIодоб лъезабизе; ~ **плéнного** асирасда ярагъ гIодоб лъезабизе, асирасухъа ярагъ бахъизе 2) *перен.* гьужумалъ рахъине, 3) данде чIезе бугеб ресалдаса, къасдалдаса махIрум гьаризе, мутIигI гьаризе; ~ *кого-л.* **ла́ской** *щивниги* хIеренлъиялдалъун, веэдун мутIигI гьавизе

ОБЕЗУ́МЕТЬ *сов.* ахIмакълъизе, гIадаллъизе, пикру гьабун бажарунгутIизе; ~ **от испу́га** хIинкъиялъ гIадаллъизе, гIакълуялдаса ине, хагазе

ОБЕЗЬЯ́НА *ж* маймалак

ОБЕ́ИХ, обеим *род., вин., дат., предл. п. от* **о́бе**

ОБЕ́Й, обейте *повел. от* **оби́ть**

ОБЕЛИ́СК *м* обелиск (*щибниги ракIалде щвезелъун, тIогьисаги бегIераб ункъбокIонаб хIобол сураталда гьабураб зани, гIарас, памятник*)

ОБЕЛИ́ТЬ *сов.* I. хъахI гьабизе 2. *разг. кого-что (оправдать, снять подозрение*) *лъидасаниги* щаклъи бахъизе, *лъиданиги* гIа-йиб гьечIолъи бихьизабизе, ритIухъ гьавизе

ОБЕЛЯ́ТЬ *несов. см.* **обели́ть**

ОБЕРЕГА́ТЬ *несов. кого-что* цIунизе, тIалаб-агъаз гьабун, цIунизе; ~ **детéй от просту́ды** лъимал квачалдаса цIунизе; ~ **лес от пожа́ра** рохь цIа ккеялдаса цIунизе

ОБЕРЕГА́ТЬСЯ *несов. сундасаниги-лъидасаниги* цIунун рукIине

ОБЕРНУ́ТЬ *сов.* 1) *что вокруг чего (обмотать, обвить*) тIад (сверун) жемизе; ~ **косу́ вокру́г головы́** гъал ботIрода сверун жемизе 2) *кого-что (завернуть)* гъорлъ, тIад жемизе; ~ **кни́гу в бума́гу** тIехь кагътилъ жемизе 3) *что куда (повернуть)* цо ра-хъалде буссинабизе; ~ **лицо́ к косе́ду** гьумер мадугьаладехун буссинабизе 4) *что перен.* сверизе; **они́ обернýли де́ло в свою́ по́льзу** доз иш жидеего пайдаялъе сверизабуна, буссинабуна

ОБЕРН//У́ТЬСЯ *сов.* 1) (*повернуться*) цояб рахъалде руссине; **~ýться лицóм к окнý** гьумерги гордехун буссинабун, чIезе 2) *разг.* тIад вуссине; **ра́ньше ча́су не ~ёшься** цо сагIтидаса цудун тIад вуссун бажариларо 3) *разг. (справиться)* тIубазабизе кIвезе; **мы и с одни́м тра́ктором ~ёмся** нижеда гьеб цо тракторальги тIубазабизе кIвела 4) *перен.* батIаяса ккезе, хисизе; **дела́ ~ýлись хорошó** ишал лъикI ккана 5) *фольк. (превратиться в кого-л.*) *лъидениги* сверизе; **~ýться кра́сной де́вицей** берцинай ясалде сверизе 6*) (завернýться во что-л.)* жиндаго тIад *щибниги* жемизе, живго *сунданиги* гъорлъ жемизе

ОБЁРТК//А *ж* 1) (*по гл.* **оберну́ть**) *сунданиги* тIад жемараб жо; конфеталъул хъал 2) (*обложка*) тIехьалъул жилдал, мужалат; **учéбник в жёлтой ~е** тIогьилаб мужалат бугеб цIалул тIехь

ОБЁРТОЧН//ЫЙ, -ая, -ое тIад жемулеб; **~ая бума́га** тIад жемулеб кагъат; *щибниги* гъорлъ жемизе хIалтIизабулеб

ОБЁРТЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **оберну́ть(ся)**

ОБЕС- *см.* **обез-**

ОБЕСКРО́ВИТЬ *сов. кого-что* тIолабго яги гIемераб би (къватIибе) биччазе; ~ **ры́бу пе́ред посóлом** цIамулъ лъелалде ччугIил би биччазе 2) *перен. (сделать бессильным*) хIал дагьлъизабизе; загIиплъизабизе, гуч, къуват лъугIизабизе; ~ **врага́** тушманасул къуват лъугIизабизе

ОБЕСКРО́ВЛЕННЫЙ, -ая, -ое 1) (*о лице, губах и т.п.*) би дагьаб, би лъугIараб 2) *перен. (ослабший*) загIиплъараб, хIал лъугIараб

ОБЕСКУРА́ЖИВАТЬ *несов. см.* **обескура́жить**

ОБЕСКУРА́ЖИТЬ *сов. кого лъилниги* ракIчIей лъугIизабизе, виххизавизе; ~ **неожи́данным вопро́сом** ракIалда гьечIеб суалги кьун, виххизавизе, хагазавизе

ОБЕСПЕ́ЧЕНИЕ *с* **1.** (*по гл.* **обеспе́чить**) букIинаби, чIезаби, хьезаби **2.** (*средства к жизни*) *лъилниги* хьараб гIумру букIинабизелъун кьолеб гIарац, гьабулеб кумек

ОБЕСПЕ́ЧЕННОСТЬ *ж* 1) (*степень обеспечения*) хьезари, хьезариялъул даража; ~ **школ учёбниками** школал цIалул тIахьаздалъун хьезарун ругеб куц, гьел хадур гъезариялъул даража 2) (*достаток*) *щибниги* гIей, гIураб даражаялда букIин; материалияб хIажалъи гьечIолъи; **материа́льная** ~ материалияб рахъалъ хьезарун ругеб куц (рукIин)

ОБЕСПЕ́ЧЕННЫЙ, -ая, -ое 1) хIажатал жалаздалъун хьезабураб 2) (*зажиточный*) тIубанго хьараб; ~ **челове́к** тIубанго хьарав, рес бугев, бечедав чи

ОБЕСПЕ́ЧИВАТЬ *несов. см.* **обеспе́чить**

ОБЕСПЕ́ЧИТЬ *сов.* 1) *кого-что (материально*) хьезабизе, букIинабизе, чIезабизе; ~ **свою́ семью́** жиндирго хъизан хIажатабщиналдалъун хьезабизе 2) *кого-что чем* чIезабизе, хадуб гъезабизе; ~ **скот корма́ми** гIи-боцIуе гIурабгIан рагIи-хер чIезабизе 3) *что (гарантировать*) цIунизе, букIинабизе, тIаде босизе; ~ **мир во всем ми́ре** тIолабго дунялалда рекъел букIинабизе (*гъелъие къваригIунел шартIал чIезаризе*)

ОБЕСПЛО́ДИТЬ *сов. кого-что* 1) пайда гьечIеблъун гьабизе; мискин гьабизе; ~ **зе́млю** ракь пайда гьечIеблъун, щибго бижулареблъун гьабизе, хъарцинлъизабизе 2) *перен.* магIна хвезабизе, мискин гьабизе; ~ **мысль** пикру мискин гьабизе

ОБЕСПОКО́ИТЬ *сов. кого-что уст.* лъилниги рахIат хвезабизе, лазат бахъизабизе; ~ **про́сьбами** гьардеялдалъун рахIат хвезабизе

ОБЕСПОКО́ИТЬСЯ *сов.* рахIат хвезе, лазат бахъун лъугьине

ОБЕССИ́ЛЕ//ТЬ *сов.* загIиплъизе, къуват дагьлъизе, къуват тIагIине; **враг ~л** тушманасул къуват лъугIана; **больно́й ~л** унтарасул къуват лъугIана, хIал дагьлъана, рухIдакълъана

ОБЕССИ́ЛИВАТЬ *несов. см.* **обесси́лить**

ОБЕССИ́ЛИ//ТЬ *сов. кого-что* загIиплъизавизе, къуват лъугIизабизе, рухIдакълъизавизе; **боле́знь его́ ~ла** унтиялъ гьев загIиплъизавуна, рухIдакълъизавуна

ОБЕССЛА́ВИТЬ *сов. кого-что* сий хвезабизе, суризавизе, хIурмат, цIар хвезабизе

ОБЕССЛА́ВЛИВАТЬ *несов. см.* **обесслáвить**

ОБЕССМЕ́РТИТЬ *сов. кого-что* хвел гьечIеблъун, кIочонареблъун гьабизе, наслабазе даимаблъун, абадияблъун лъугьинабизе; ~ **своё и́мя** жиндирго цIар хвел гьечIеблъун гьабизе (цIар нахъе тезе)

ОБЕССУ́Д//ИТЬ *сов.* ◊ **не ~ь, не ~ьте!** *разг.* гIайиб гьабуге, какуге!

ОБЕСЦВЕ́ТИТЬ *сов.* 1) *что* кьерукълъизабизе, кьер инабизе; ~ **ткань** хамил кьер инабизе 2) *кого-что перен. (сделать невыразительным*) магIна гьечIеблъун гьабизе; ~ **изложе́ние** (изложенияльул) бицунеб жоялъул магIна, гугьар, баянлъи хвезабизе

ОБЕСЦВЕ́ТИТЬСЯ *сов.* 1) кьер ине, кьерукълъизе 2) *перен. (стать невыразительным)* магIна гьечIеблъун лъугьине

ОБЕСЦВЕ́ЧИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **обесцвéтить(ся)**

ОБЕСЦЕ́НЕНИЕ *с* 1) (*по гл.* **обесцени́ть**) багьа, къимат гIодобе ккезаби, учуз гьаби 2) (*по гл.* **обесцени́ться**) *щибниги* учузлъи, багьа-къимат гIодобе ккей

ОБЕСЦЕ́НИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **обесцени́ть(ся)**

ОБЕСЦЕ́НИТЬ *сов. кого-что* къимат хвезабизе, учуз гьабизе

ОБЕСЦЕ́НИТЬСЯ *сов.* багьа хвезе, къимат хвезе, учузлъизе

ОБЕСЧЕ́СТИТЬ *сов. кого-что* басра гьавизе, инжит гьавизе, суризавизе, яхI-намусалда чIегIераб тIанкI лъезе

ОБЕ́Т *м* 1) *рел. динияб* назру 2) (*обещание*) динияб божилъиялъ кьураб рагIи, гьабураб къотIи; **дать** ~ назру гьабизе

ОБЕТОВА́ННЫЙ//ЫЙ, -ая, -ое: ◊ **~ый край, ~ая земля́** *хъвалс,* бихьизе ине рекIел хIасрат, гьира бугеб бакI (*инжилалда рекъон-Палестина (жиндирго къотIиги тIубазабун, аллагьас Мисриялдаса (Египеталдаса) жугьутIал рачараб бакI)*

ОБЕЩА́НИЕ *с щибниги тIубазе* жинцаго гьабураб тIадебоси, кьураб рагIи; **вы́полнить** ~ тIадебоси тIубазабизе; **взять** ~ **с**

кого-л. лъихъаниги рагIи босизе; **нару́шить** ~ гьабураб тIадебоси (къотIи) хвезабизе

ОБЕЩА́//ТЬ 1) *сов. и несов. кому, что и с неопр.* рагIи кьезе, тIаде босизе; **он ~л прийти́** гъос вачIине рагIи кьун букIана 2) *несов.* хьул гьабизе, букIине; **день ~ет быть со́лнечным** къо бакъулаб (бакъ щвараб) букIинилан хьул буго

ОБЖА́ЛОВАНИ//Е *с юр.* гIарз гьаби (*судалъул хIукмуялда тIасан*); **приговóр ~ю не подлежи́ т** хIукмуялда тIасан гIарз гьабизе ихтияр гьечIо

ОБЖА́ЛОВАТЬ *сов. что юр.* гIарз гьабизе (*судалъул хIукмуялда тIасан*); **~ приговóр** хIукмуялда тIасан гIарз гьабизе (гIарза хъвазе)

ОБЖА́РИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **обжа́рить(ся)**

ОБЖА́РИТЬ *сов. что* кисанго бежизабизе; **~ мя́ со** гьан кисанго бежизабизе

ОБЖА́РИТЬСЯ *сов.* кисанго, кинабго рахъалдасан лъикI бежизе

ОБЖЕ́ЧЬ *сов. кого-что* кисанго бухIизабизе; **~ себе́ па́лец** жиндирго килищ бухIизабизе 2) *что (обработать огнем*) (цIадуда) бежизе, бежун гьабизе; **~ кирпи́ч** цIадуда бежун, кирпич гьабизе

ОБЖЕ́ЧЬСЯ *сов.* 1) *чем, на чем* цIадуда, багIарараб жоялда хъваялдалъун тIом бухIизе, жиндаго ругъун лъезе; **~ горя́ чим ча́ем** гьалараб чаялъ бухIизе ◊ **обжёгшись на молоке́, бу́дешь дуть и на во́ду** (*посл.*) (цин) рахьдаца бухIани, хадуб лъедеги пулебила (риида борохь бихьарав хасало гIарщикьаги хIинкъулевила) 2) *на чем перен. (потерпеть неудачу*) *щибниги гьабулаго*, мекъса ккезе, битI ккунгутIизе

ОБЖИВА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **обжи́ ть(ся)**

О́БЖИГ *м тех.* бежи, бежизаби; **печь для ~а кирпича́** кирпич бежулеб печь

ОБЖИГА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **обже́чь(ся)**

ОБЖИ́ТЬ *сов. что разг. (цIияб бакIалдеги гочун)* гIумру гьабизе санагIатаблъун гьабизе; **~ но́вую кварти́ру** цIияб рокъор киналго санагIалъаби гьаризе, рукIинаризе; *гьенир* ругъунлъизе

ОБЖИ́ТЬСЯ *сов. разг.* дагьаб заманалдасан цIияб бакIалда ругъунлъизе, рекъон ккезе

ОБЖО́РА *м, ж разг.* кванан гIорцIуларев чи (гIадан), чехьквеш, чохьогIака, хъантIуч

ОБЖО́РСТВО *с разг.* гIемер кванай, хъантIи, чехьквешлъи, гIорцIунгутIи

ОБЖУ́ ЛИВАТЬ *несов.с м.* **обжу́лить**

ОБЖУ́ ЛИТЬ *сов. кого* гуккизе, махсараде кквезе; хIилларекIкI гьабизе

ОБЗАВЕДЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **обзавести́сь**) жиндирго гIумруялъе, магIишаталъе хIажатаб чIезаби, букIинаби; **~ хозя́йством** магIишат гьаби; магIишаталъе, гIумруялъе хIажатаб тIагIел-гIучI чIезаби

ОБЗАВЕСТИ́ СЬ *сов. разг.* жиндирго магIишаталъе, гIумруялъе хIажатаб босизе, чIезабизе, букIинабизе; **~ посу́дой** цIарагI босизе; **~ семьёй** хъизан гьабизе

ОБЗАВОДИ́ ТЬСЯ *несов. см.* **обзавести́ сь**

ОБЗОВУ́ , обзовёшь *и т. д. буд. от* **обозва́ть**

ОБЗО́Р *м* 1) (*по гл.* **обозре́ть**) балагьи, бер щвезаби, хал гьаби 2) *воен.* хасаб куцалъ *кинаб бугониги* бакIалъухъ балагьизе, бер щвезабизе, речIчIизабизе рес букIин 3) (*сжатое сообщение*) *сунданиги рухьарал лъугьа-бахъиназул хIакъалъулъ* къокъаб лъазаби, баян; **междунаро́дный ~** халкъазда гьоркьосеб хIалалъул хIакъалъулъ къокъаб баян

ОБЗО́РН//ЫЙ, -ая, -ое къокъаб баяналъулаб; **~ая ле́кция** къокъаб баян кьолеб лекция; балагьизе, бер щвезабизе санагIатаб

ОБЗЫВА́ТЬ *несов. см.* **обозва́ть**

ОБИВА́ТЬ *несов. см.* **оби́ ть**; ◊ **~ поро́ги** *щибниги* гьарун, гIемер *киреници* щвезе

ОБИВА́ТЬСЯ *несов. см.* **оби́ ться**

ОБИ́ ВКА *ж* **1.** (*по гл.* **оби́ ть**) 1) *сунданиги тIад* ххам *ва гь. ц.* кквей 2) гъотIода кьабун, хьвагIезабун пихъ гьинаби **2.** (*материал*) *сунданиги* тIад ккураб ххам, махх *ва гь.ц.*

ОБИ́ Д//А *ж* ракIхвей, къварид гьави, ракI бекизаби; тIекъаб иш; **нанести́ ~у** хIакъир гьавизе; **не дава́ть себя́ в ~у** живго инжит гьавизе тунгутIизе; **не дать в ~у** *кого-л. щивниги* къварид гьавизе тунгутIизе

ОБИ́ ДЕ//ТЬ *сов. кого-что* 1) (*причинить обиду*) ракI хвезабизе, къварид гьавизе, рекIеда унтулеб иш гьабизе 2) *разг. (лишить чего-л.*): **приро́да ~ла его́ умо́м** тIабигIаталъ гьев гIакълуялдаса махIрум гьавун вуго (гьесие гIакълу кьун гьечIо) 3) бутIадулъ къезавизе

ОБИ́й ДЕТЬСЯ *сов. на кого-что лъидениги – сунденигги* гIайиб гьабизе, ракI хвезе, квеш букIине, рекIеда унтизе; **~ на замеча́ние** *лъщаниги гьабураб* бадибчIвай квеш букIине

ОБИ́й ДНО *нареч.* захIматго, квеш букIун; **~, что опозда́л в теа́тр** театралде кватIи захIмалъун буго

ОБИ́ ДН//ЫЙ, -ая, -ое квеш букIунеб, рекIеда унтулеб, ракI хвезабулеб, захIмалъулеб; **~ое замеча́ние** квеш букIунеб бадибчIвай

ОБИ́ ДЧИВОСТЬ *ж* квешбукIин, захIмалъи, барщи, ракIхвей

ОБИ́ ДЧИВЫЙ, -ая, -ое хехго *щибниги* квеш букIунев; гьечIелъуб гIайиб, тIекълъи бихьулев

ОБИ́ДЧИК *м* цогидал къварид гьарулев, чияргун ракI хвезабулев чи

ОБИ́ ДЧИЦА *ж* цогидал къварид гьарулей, чияргун ракI хвезабулей гIадан

ОБИЖА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **оби́ деть(ся)**

ОБИ́ЖЕННО *нареч.* ракI хун, гIайиб гьабун, квеш букIун; **он ~ посмотре́л на отца́** дов барщарав гIадин, ракI хун валагьана инсухъ

ОБИ́ ЖЕННЫЙ, -ая, -ое гIайиб гьабулев, къварид гьавурав, квеш букIарав; **~ тон** квеш букIараб гIадаб кIалъа-ралъай; **~ вид** барщараб гIадаб куц-мухъ

ОБИ́ЛИЕ *с* 1) *кого-чего* гьарзалъи, гIемерлъи; **~ това́ров** къайидул гьарзалъи 2) (*достаток, богатство*) буголъи, бечелъи; **колхо́зное ~** колхозалъул бечелъи

ОБИ́ ЛЬНО *нареч.* гьарзаго, гIемер; **~ корми́ ть** гьарзаго, гIемер кваназаризе

ОБИ́ ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое бечедаб, гьарзаяб; **~ый урожа́й хле́ба** тIощалил гьарзаяб, бечедаб бачIин 2) (*изобилующий чем-л.*) цIакъ гIемераб; **леса́, ~ые ди́ чью** хIинчI-къед гIемерал рохьал

ОБИНЯ́ К *м*: **говори́ть ~ами** щакдариледухъ, ахиралде щвезабичIого, абизе; **говори́ ть без ~ов** битIахъе, бадибе абизе

ОБИРА́ТЬ *несов. см.* **обобра́ть**

ОБИТА́ЕМЫЙ, -ая, -ое гIадамал ругеб; **~ о́стров** гIадамаз гIумру гьабулеб чIинкIиллъи

ОБИТА́ТЕЛЬ *м кивниги* даим гIумру гьабулев, чIарав чи; **~и го́рода** шагьаралъул гIадамал, шагьаралда гIумру гьабулел гIадамал

ОБИТА́ТЕЛЬНИЦА *ж кибниги* гIумру гьабулей, чIарай гIадан

ОБИТА́//ТЬ *несов.* гIумру гьабизе, рукIине; **в э́том лесу́ ~ют медве́ди** гьаб рохьор циял руго (цияз гIумру гьабула)

ОБИ́ ТЕЛЬ *ж уст.* 1) монастырь 2) (*жилище*) *хъвалс.* бетIербахъи гьабулеб бакI; рукIунеб, чIолеб бакI

ОБИ́ТЬ *сов. что* 1) *чем сунданиги* тIад *щибниги* кквезе, чIвазе; **~ сунду́к же́стью** гьансида (тIад) хъахIмахх кквезе; **~ до́сками** тIад хъарщи кквезе; **~ сту́лья ко́жей** бакIазда тIад лакай кквезе 2) (*ударами отряхнуть*) кьабун гьинабизе; **~ снег с ветве́й** кьабун гIаркьалабаздаса гIазу гьинабизе; **~ я́блоки с де́рева** кьабун гъотIодаса гIеч гьинабизе, гIеч чIвазе 3) *разг. (повредить поверхность чего-л.*) *щибниги* хвезабизе, *сундуениги* зарар гьабизе; **~ штукату́рку** штукатурка (мина-рукъалда лъураб сали) гьинабизе, жагъал гьабизе

ОБИ́ //ТЬСЯ *сов.* жибго бортизе, гьине; **штукату́рка ~лась** штукатурка батIалъун гIодобе бортун буго; **подо́л шу́бы ~лся** хъабчил (тIингъил) квенчIел тIутIун буго

ОБИХО́Д *м* щибаб къойилаб, гIадатаб, ругъунаб рукIа-рахъин; гIумру гьабулеб къагIида; **предме́ты дома́шнего ~а** магIишаталъул, рукIа-рахъиналъул, рукъ-бакIалъул тIагIелал

ОБИХО́ДН//ЫЙ, -ая, -ое рукIа-рахъиналъулаб; **~ое выраже́ние** гIадатлъун билъараб, ругъунаб калам

ОБКА́РМЛИВАТЬ *несов. см.* **обкорми́ ть**

ОБКАТА́ТЬ *сов. что* 1) *разг. (обвалять)* чучазабизе, гиргизабизе; **~ котле́ту в муке́** котлета ханждалъ гиргизабизе 2) (*выровнять*) бокъинабун битIизабизе; **~ доро́гу** нух бокъинабун битIизабизе 3) (*испытать работой*) хIалтIудалъун (хIалтIизабун)

хIал бихьизе; ~ **но́вую маши́ну** цIияб машинаялъул хIалтIизабун хIал бихьизе

ОБКА́ТКА *ж* (*по гл.* **обката́ть**) чучазаби; битIизаби; хIалтIудалъун хIал бихьи; ~ **доро́ги** нух бокьинабун, михир бачун, битIизаби; ~ **но́вых тра́кторов** цIиял тракторазул хIал бихьи

ОБКА́ТЫВАТЬ *несов. см.* **обката́ть**

ОБКЛА́ДКА *ж* 1) (*по гл.* **обложи́ть**) *щибниги* сверун лъей, рекъезаби, сверун кквей, *сунданиги* тIад кквей 2) (*материал*) *сунданиги* сверун лъураб, тIад рекъезабураб, ккураб жо; **дерно́вая** ~ сверун лъураб гIери; гIери тIад чIвараб (лъураб) бакI

ОБКЛА́ДЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **обложи́ ть(ся)**

ОБКЛЕ́ИВАТЬ *несов. см.* **оклеи́ть**

ОБКЛЕ́ИТЬ *сов. см.* **оклеи́ть**

ОБКО́М *м* (областной комитет) обком (областалъулаб комитет); ~ **па́ртии** партиялъул обком

ОБКОРМИ́ ТЬ *сов. кого* чохьодаса инегIан (гIемер) кваназабизе; ~ **ребёнка** лъимер чохьодаса инегIан (гIемер) кваназабизе

ОБКРА́ДЫВАТЬ *несов. см.* **обокра́сть**

ОБКУСА́ТЬ *сов. что* кинабго рахъалдасан хIанчIун, сурукъго кваназе; ~ **я́блоко** гIеч, свертIи-свертIи хIанчIун, кваназе; ~ **но́гти** малъал цабзаз (хъусизе) рукъизе

ОБКУ́ СЫВАТЬ *несов. см.* **обкуса́ть**

ОБЛА́ВА *ж* 1) *охот.* чан гьаби (*чан бугеб бакIги сверун ккун*); ~ **на волко́в** бацIазде чан гьаби (*сверунги ккун, гьел чанахъабазде тIаде хъами*) 2) *гIадамал кквезе гьабулеб* гьоркьчIел; **полице́йская** ~ полициялъулаз (кквезелъун) сверун кквей; *гьезие* гьоркьчIел гьаби

ОБЛАГА́ТЬ *несов. см.* **обложи́ ть**

ОБЛАГОРА́ЖИВАТЬ *несов. см.* **облагоро́дить**

ОБЛАГОРО́ДИТЬ *сов. кого-что* 1) (*сделать благородным*) гIамал-хасияталъул рахъалъ тIадегIанаб даражаялде вахинавизе 2) боцIул тайпа, хурдузул качество лъикIлъизабизе

ОБЛАДА́НИЕ *с* (*по гл.* **облада́ть**) кверщел гьабизе, жиндирго ихтияралде ккезабизе, живго бетIергьанаблъун гьабизе; **бой за** ~ **го́родом** шагьар босизелъун (кверщел гьабизе) гьабулеб рагъ; ~ **тала́нтом** пагьму-гьунар, махшел букIин

ОБЛАДА́ТЕЛЬ *м сундулниги* бетIергьан, хважаин ~ **прия́тного го́лоса** рекIее бокьулеб, лазатаб гьаракь-бакъаналъул чи; ~ **золото́й меда́ли** меседил медалалъул хважаин, бетIергьан

ОБЛАДА́ТЕЛЬНИЦА *с сундулниги* бетIергьанлъун кколей гIадан, хважаин

ОБЛАДА́ТЬ *несов.* 1) *кем-чем сундулниги-лъилниги* бетIергьанлъун, хважаинлъун вукIине, кверщаликъ букIине; **он ~ет хоро́шим го́лосом** гъосул лъикIаб гьаракь буго 2) *кем (иметь своей женой, любовницей*) лъадилъун, йокьулейлъун йикIине; **~ть люби́мой же́нщиной** йокьулей гIаданалъул бетIергьанлъун вукIине ◊ ~ **собо́й** живго вакIаризе, жиндаго кверщел гьабизе кIвезе

ОБЛА́ЗИТЬ *сов. что разг.* киналго бакIазде, бокIназде щун, ваккаризе; киса-кивего ваккаризе

О́БЛАК//О *с прям., перен.* накIкI; **дождевы́е ~а́** цIадал накIкIал; **пе́ристые ~а** (*лъел хIухьел гьаваялда данделъун, лъугьунел*) парчахарал накIкIал; ~ **ды́ма** кIкIуйдул парча ◊ **под ~а́ми** цIакъ борхатго (борхалъуда); **вита́ть в ~ах** кинабго кIочон, анищазда вукIине; иш гьаваялдаса гIебеде букIине; **свали́ться с ~о́в** ра-кIалдаго гьечIого, вачIине, тохлъукье вачIине

ОБЛА́МЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **облома́ть(ся), обломи́ ть(ся)**

ОБЛАСКА́ТЬ *сов. кого* веэдизе; хIеренго балагьизе; ~ **сироту́** бесдаласухъ недегьго ралагьизе, веэдизе; хIеренго кIалъазе

ОБЛАСТН//О́Й, -ая, -ое 1) областалъул; **~о́й суд** областалъулсуд (диванхана) 2) (*местный*) цо бакIалъе хасиятаб; **~о́е сло́во** цо бакIалъе хасиятаб, диалектияб ргIи

О́БЛАСТ//Ь *ж* 1) (*край*) бутIа *(улкаялъул, материкалъул*) 2) (*административно-территориальная единица*) область 3) (*зона*) бакI, мухъ, рахъ; **~ь ве́чных снего́в** кидаго гIазу биунареб рахъ 4) *анат.* черхалъул унти бугеб рахъ; **бо́ли в ~и пе́чени** тIулалъул рахъалда унти 5) *перен.* **в ~и нау́ки** гIелмуялъул цо бутIаялда ◊ **отойти́ в ~ь преда́ния** бицалъ хутIизе, биценалде сверизе

ОБЛАЧА́ТЬСЯ *несов. см.* **облачи́ ть(ся)**

ОБЛАЧЕ́НИЕ *с* 1) (*по гл.* **облачи́ть**) тIад ретIин 2) (*хасаб*) ретIел (*диналъул ишал тIуразарулезул, пачазабазул*)

ОБЛАЧИ́ ТЬ *сов. кого-что во что лъиданиги кинаб букIаниги* ретIел ретIине

ОБЛАЧИ́ ТЬСЯ *сов. во что разг.* жиндаго ретIине

О́БЛАЧНОСТЬ *ж* зобал накIкIаз рациялъул даража; **перемéнная** ~ хисардулел накIкIал; **сплошна́я** ~ тIупун накIкI лъей, тIупун лъураб накIкI

О́БЛАЧНЫЙ, -ая, -ое накIкI лъураб; ~ **день** накIкIулаб къо

ОБЛА́ЯТЬ *сов. кого* 1) (*о собаке*) кутакаб хIапигун бортизе 2) *груб.* (*обругать*) *лъидениги* семизе, семулаго *лъидениги* вортизе

ОБЛЕГА́ТЬ *несов. см.* **облéчь**[2]

ОБЛЕГЧА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **облегчи́ ть(ся)**

ОБЛЕГЧЕ́НИ//Е *с* **1.** (*по гл.* **облегчи́ ть**) тIадагьлъи **2.** (*по гл.* **облегчи́ться**) бигьалъи **3.** (*чувство*) гIодоре риччаялъул асар, рахIатхвеялдаса эркенлъи; **больно́й почу́вствовал ~е** унтарасда унти гIодоцин (мадар лъугьин,бигьалъи ккей) бичIчIана; **вздохну́л с ~ем** бигьаго хIухьел цIана (гIодове виччана)

ОБЛЕГЧИ́//ТЬ *сов.* 1) *кого-что (уменьшить вес*) тIадагь гьабизе, тIадагьлъизабизе; **~ть но́шу** раччи тIадагьлъизабизе 2) *что (сделать менее трудным*) дагьабги бигьалъизабизе 3) *что (уменьшить)* дагь гьабизе; **лека́рство ~ло боль** даруялъ унти дагьлъизабуна (бигьа гьабуна)

ОБЛЕГЧИ́ ТЬСЯ *сов.* 1) (*стать более легким*) тIадагьлъизе 2) бигьалъи ккезе, бигьалъизе 3) гIодове виччазе 4) (*освободиться от тяжести*) тIагIараталъ ине; лагIун бигьалъи лъугьине

ОБЛЕДЕНЕ́ЛЫЙ, -ая, -ое *жинда* цIер къараб, цIер чIвараб, цIороца бацараб; ~ **борт корабля́** гамил цIер чIвараб хьибил

ОБЛЕДЕНЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **обледене́ть**) цIер чIвай, *щибниги* цIорой, цIер къай, цIороца баци

ОБЛЕДЕНЕ́ТЬ *сов.* цIер чIвазе, цIер къазе, цIороца бацизе

ОБЛЕЗА́ТЬ *несов. см.* **облéзть**

ОБЛЕ́ЗЛ//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*о человеке, птицах, животных*) хIулараб, хIул-хIулараб (*рас, хIулаби гъараб*); **~ый котёнок** хIулараб катитIинчI 2) (*с облупившейся краской, штукатуркой*) чIучIараб, гъараб; **~ые сте́ны** чIучIарал (рохьи́ хварал) къадал

ОБЛЕ́З//ТЬ *сов. разг.* 1) (*лишиться шерсти и т.п.*) хIулизе 2) (*о краске*) тIаса ине, чIучIине, бичIизе, гъине; **кра́ска ~ла** лажбар (басралъиялъ) гъун (чIучIун) буго

ОБЛЕКА́ТЬ *несов. см.* **облéчь**[1]

ОБЛЕКА́ТЬСЯ *несов. см.* **облéчься**

ОБЛЕНИ́ ТЬСЯ *сов.* кIвахIаллъизе, кIвахIалде ругьунлъизе

ОБЛЕПИ́ //ТЬ *сов.* 1) *кого-что (прилипнуть*) рекIине; **грязь ~ла сапоги́** чакмабазда кисанго хIарщ рекIун чIана (чакмаби хIаршул цIуна) 2) *что разг.* (**обкле́ить**) кисанго седезе; **~ть сте́ны объявле́ниями** кисанго къадазда лъазабиял седезе 3) *кого-что разг. (окружить*) кисанго сверун кквезе (*гIадамал, хIайванал, хIутI-хъумур*)

ОБЛЕПИ́ ХА *ж* гъарцIи (тIогьилсоно)

ОБЛЕПЛЯ́ ТЬ *несов. см.* **облепи́ ть**

ОБЛЕТА́ТЬ[1] *несов. см.* **облете́ть**

ОБЛЕТА́ТЬ[2] *сов. что* 1) (*летая, побывать во многих местах*) воржун гIемерал бакIазде щвезе; ~ **на самолёте всю страну́** самолётала воржун тIолабго улкаялде щвезе 2) *ав. (испытать)*: самолёталъул хIал бихьизелъун, гIемерал бакIазде воржине 3) *перен.* кьокъаб заманалда гIемерал бакIазде щвезе

ОБЛЕТЕ́//ТЬ *сов.* 1) *кого-что, вокруг кого-чего сунданиги* сверун роржине; **~ть вокру́г о́зера** хIорда сверун роржине 2) *что перен. (распространиться*) тIибитIизе, хехго тIибитIун киназдаго лъалеблъун лъугьине, лъазе; **эта весть ~ла всю страну́** гьеб хабар хехго тIибитIана тIолабго улкаялда 3) (*опасть, осыпаться*) гъине, бортизе; **ли́ стья ~ли** тIамах гъана 4) воржунаго цеве ккезе 5) аскIосан (хьолбохъан) воржине

ОБЛЕ́ЧЬ *сов.* 1) *кого-что во что (одеть)* ретIине; ~ **в оде́жды** ретIел ретIине 2) *что перен. (выразить)* абизе; ~ **свою́ мысль в слова́** жиндирго пикру рагIабаздалъун абизе, загьир гьабизе 3) *кого-что чем перен. (наделить)* кьезе; ~ **вла́стью** хIакимлъи кьезе, хIакимлъун гьавизе

ОБЛЁ//ЧЬ[2] *сов. что* 1) (*окутать*) бахчизе, бацизе; *сунданиги* сверун букIине, кквезе, жанибе бачине; **ту́чи ~гли́ не́бо** накIкIаз зоб бахчун буго 2) (*прилегая обхватить*) рекъон, дурус ккезе, тIад бегизе; **пла́тье пло́тно ~гло́ фигу́ру** гурде черхалда дурус ккун буго

ОБЛЕ́ЧЬСЯ *сов. во что* жиндаго ретIине (*кинаб букIаниги ретIел*)

ОБЛИВА́НИЕ *с* 1) (*по гл.* **обли́ ть**) (*лъидениги-сундениги*) тIаде лъим тIей 2) (*водная процедура*) лъедалъун черхалъе хъулухъ гьаби, лъадари

ОБЛИВА́ТЬ *несов. см.* **обли́ ть**

ОБЛИВА́ТЬСЯ *несов. см.* **обли́ ться** ◊ ~ **слеза́ми** кутакалда гIодизе, магIу тIун гIодизе; **се́рдце кро́вью облива́ется** хIехьезе кIолареб куцалъ буго, къварилъиялъ ракI бихъулеб буго, ракI бида бецIцIулеб буго; ~ **по́том** гIетIулъ восизе, вецIцIизе

ОБЛИВНО́Й, -ая, -ое тIаде сир (глазурь) биччараб (*щагIил тIагIел*); ~ **кувши́ н** тIаде сир биччараб хъаба

ОБЛИГА́ЦИЯ *ж* облигация (*бергьун яги процентаздалъун хайир кьолеб къиматаб кагъат, заем*)

ОБЛИЗА́ТЬ *сов. кого-что* чIикIизе, мацI бахъизе, чIикIун лъугIизабизе; ~ **гу́бы** кIутIби чIикIизе; ~ **блю́ дце** налбек чIикIизе, (*гьелда*) мацI бахъизе; **па́льчики обли́ жешь** килщал чIикIила: а) (*о чём-л. очень вкусном*) (*щиб букIаниги цIакъ татуяб, тIагIамаб жоялъул хIакъалъулъ*) б) (*о чём-л. заманчивом*) (*кинаб бугониги гъира базабулеб жоялъул хIакъалъулъ*)

ОБЛИЗА́//ТЬСЯ *сов. (о животных)* чIикIаризе; **ко́шка ~лась** кето, мацI бахъун, чIикIарана (катица жибго чIикIана, кето чIикIарана)

ОБЛИЗНУ́ ТЬ(СЯ) *однократ. к* **облиза́ть(ся)**

ОБЛИ́ ЗЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **облиза́ть(ся)**

О́БЛИК *м* 1) (*внешность*) *тIасан балагьун бихьулеб* сипат-сурат, гьумер, куц-бегI, куц-мухъ; **прия́тный** ~ гьайбатаб, бихьизе бокьулеб куц-мухъ 2) *перен. (душевной склад)* гIамал-хасият, напс, рухIияб рахъ; **нра́вственный ~ челове́ка** инсанасул гIамал-хасият, чиясул напс, рухIияб рахъ

ОБЛИ́ ТЬ *сов.* 1) *кого-что щибниги* тIаде тIезе, лъим тIезе; ~ **го́лову водо́й** ботIроде лъим тIезе; ~ **ска́терь черни́ лами** столалда тIамулеб жоялде щакъи тIезе 2) *что (глазурью)* сир биччазе, лажбар бахине; ◊ ~ *кого-л.* **гря́ зью** чорок гьавизе, бугьтанал лъезе, гьечIел гIайибал гIунтIизаризе

ОБЛИ́ ТЬСЯ *сов.* 1) (*облить себя*) *жиндего* лъим тIезе; тIаде тIун (чвахун) бачIине; ~ **холо́дной водо́й** *жиндего* цIорораб лъим тIезе 2) (*покрыться*) бацизе, тIерхьине; ~ **по́том** гIетIулъ тIер-хьине

ОБЛИЦЕВА́ТЬ *сов. что щибниги щулалъиялъе яги берцинлъиялъе гьелда тIад* гамачI, махх *ва гь. ц.* кквезе; ~ **сте́ны мра́мором** къадазда мармар кквезе

ОБЛИЦО́ВКА *ж* 1) (*по гл.* **облицева́ть**) гьумераб рахъалда кквей, *гьеб* щула, берцин гьаби 2) (*материал*) тIад кколеб махх, мармар *ва гь.ц.;* **мра́морная** ~ мармар ккун къачIай; тIад ккураб мармар

ОБЛИЦО́ВОЧНЫЙ, -ая, -ое *сунданиги* тIад кколеб (г*амачI, мармар, махх ва гь.ц.*); ~ **материа́л** тIад кколеб материал

ОБЛИЦО́ВЫВАТЬ *несов. см.* **облицева́ть**

ОБЛИЧА́//ТЬ *несов. кого-что* 1) (*разоблачить*) къватIир чIвазаризе, тIатинабун какизе, гIунгутIаби рихьизаризе; **~ть поро́ки** гIунгутIаби къватIир чIвазаризе 2) (*обнаружить, раскрывать*) тIатинабизе, рагьизе; **всё ~ет в нем тала́нт** гьесулъ кинабго жоялъ махщел, гьунар тIатинабула

ОБЛИЧЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **облича́ть**) къватIиб чIвазаби, тIатинаби, гIунгутIаби рихьизари

ОБЛИЧИ́ТЕЛЬ *ж жинца щибниги* къватIиб чIвазабулев, тIатинабулев чи

ОБЛИЧИ́ТЕЛЬНИЦА *ж жинца* къватIиб чIвазабулей, тIатинабулей гIадан

ОБЛИЧИ́ ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое къватIиб чIвазабулеб, какулеб, тIатинабулеб; **~ая статья́** *щибниги* къватIиб чIвазабулеб, какулеб статья (макъала)

ОБЛИЧИ́ ТЬ *сов. см.* **облича́ть**

ОБЛИ́ ЧЬЕ *с см.* **о́блик 1**

ОБЛОЖЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **обложи́ть**) тIад лъей; тIадаблъун гьаби; ~ **налого́м** *фин.* налог лъей

ОБЛОЖИ́ //ТЬ *сов.* 1) *кого-что (вокруг)* сверун лъезе; **~ть больно́го поду́шками** унтарасда сверухъе къандалъаби лъезе 2) *что чем и безл.* бацизе; **ту́чи ~ли не́бо** накIкIаз зоб бацана 3) *кого-что фин.* тIадаблъун гьабизе, лъезе; **~ть нало́гом** налог лъезе 4) *кого-что воен., охот. (окружить)* сверун кквезе; **~ть врага́** тушман сверун кквезе; **~ть медве́дя в берло́ге** рукIниб (бугеб) ци сверун кквезе

ОБЛОЖИ́ ТЬСЯ *сов. чем жиндаго* сверун *щибниги* лъезе; ~ **кни́гами** *жиндаго* свертIа-сверун (свера-хъерун) тIахьал лъезе; кисанго, тIубанго бацизе (*накIкIаз зоб бацизе*)

ОБЛО́ЖК//А *ж* тIехьалъул мужалат; **кни́га в си́ ней ~е** хъахIилаб мужалаталъул (мужалат бугеб) тIехь

ОБЛОЖНО́Й, -ая, -ое: ◊ ~ **дождь** тIолабго зодиб накIкIги лъун, халатаб заманаялъ балеб цIад, халат бахъараб цIад

ОБЛОКА́ЧИВАТЬСЯ *несов. см.* **облокоти́ ться**

ОБЛОКОТИ́ТЬСЯ *сов. сунданиги* гIункIрукьал лъезе, чIвазе, тIаде вегизе; ~ **на стол** гIункIрукьал столалда лъезе, чIвазе (гункIрукьаз столалда ваччизе)

ОБЛОМА́//ТЬ *сов.* 1) *что сундулниги* ахирал, тIогьал рекизе, ратIа гьаризе; **~ть кусты́** хъархъал гъуризе, тIаса рекизе 2) *кого-что перен.* дандечIейги бекизабун, *щивниги* разилъизавизе, *гьесда* бокьараб гьабизабизе; **жизнь его́ ~ла** гIумруялъ дов мутIигI гьавуна, къуркьизавуна, векизавуна

ОБЛОМА́//ТЬСЯ *сов. щибниги* бекун батIалъун ине; **ве́тки ~лись** гIаркьалаби рекун ун, гIодоре рортун, ратIалъун руго

ОБЛОМИ́ ТЬ *сов. что* чIинтIун, гьетIизабун батIалъизабизе, бортизабизе; ~ **сук** гIаркьел бекун гIодобе бортизабизе

ОБЛОМИ́ //ТЬСЯ *сов.* жибго бекизе; **ве́тки ~лись** гIаркьалаби бакIлъиялъ рекун руго

ОБЛО́МОВЩИНА *ж* батIалъи гьечIолъи; таваккал, хIаракат, гъира гьечIолъи, хадув вехъерхъи, кIвахIаллъи

ОБЛО́МОК *м* 1) *сундулниги* бекараб, тIезабураб рекел, кесек, мочIу; ~ **ка́мня** ганчIил рекел 2) *перен. (остаток)* цебе гIумру ялда букIараб, хадуб тIагIараб *сундулниги* хутIел; ~ **ста́рого бы́ та** басрияб рукIа-рахъиналъул хутIел

ОБЛУПИ́ ТЬ *сов. что* хъал, гIавул бахъизе, чIучIине

ОБЛУПИ́//ТЬСЯ *сов.* хъалалдаса бацIцIалъизе, тIаса хъал ине; кьватI-кьватIизе, чIучIун бачIине; бичIун бачIине; **кра́ска ~лась** лажбар чIучIун бачIана; **у него́ вся спина́ ~лась** досул тIолабго мугъалдаса хъал бахъун бачIун буго

ОБЛУ́ ПЛИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **облупи́ ть(ся)**

ОБЛУЧА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **облучи́ ть(ся)**

ОБЛУЧЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **облучи́ть**) *сундулниги* чIорал речIчIизари; ~ **ква́рцем** кварцалъул чIорал речIчIизарун, асар гьаби; **радиоакти́ вное** ~ радиоактивиял чIорал речIчIизарун, асар гьаби

ОБЛУЧИ́ТЬ *сов. кого-что* чIорал речIчIизаризе; ~ **рентге́ном** рентгеналъул чIорал речIчIизаризе

ОБЛУЧИ́ ТЬСЯ *сов.* речIчIулел чIоразда гъоркье ккезе

ОБЛУЧО́К *м* пайтоналда пайтончи (гьокочи) гIодов чIолеб бакI (*гьединабго бакI чанагъаздаги*)

ОБЛЫСЕ́//ТЬ *сов.* ботIродаса рас хIулизе, бетIер хIулизе; **он соверше́нно ~л** досул бетIер тIубанго хIулун буго

ОБЛЮБОВА́ТЬ *сов. кого-что* жиндиего бокьараб, данде кколеб тIаса бищизе; ~ **себе́ шля́ пу** жиндиего данде кколеб шляпа тIаса бищизе

ОБЛЮБО́ВЫВАТЬ *несов. см.* **облюбова́ть**

ОБМА́ЗАТЬ *сов. кого-что* 1) жужазе, тIад бахине; ~ **печь гли́ной** печь сверун хIатI жужазе, бахине 2) *разг. (измазать)* кисанго чорок гьабизе; ~ **лицо́ са́жей** гьурмада лахI жужазе

ОБМА́ЗАТЬСЯ *сов.* (**изма́заться**) чороклъизе

ОБМА́ЗЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **обма́зать(ся)**

ОБМА́КИВАТЬ *несов. см.* **обмакну́ть**

ОБМАКНУ́ ТЬ *сов. что* ччузе; ~ **перо́ в черни́ла** перо щакъидулъ ччузе

ОБМА́Н *м* 1) (*по гл.* **обману́ть**) хIилла, макру, гьереси, рекIкI 2) (*ошибка*) гъалатI; ~ **зре́ния** берзул (канлъул) гъалатI

ОБМА́НН//ЫЙ, -ая, -ое гьересияб, хилипаб, рекIкIаб, макруяб; **~ым путём** гьересияб куцалъ

ОБМАНУ́ //ТЬ *сов. кого-что* гуккизе, рекIкI гьабизе, махсараде кквезе; **~ть покупа́теля** босулев чи гуккизе; **обеща́л прие́хать и ~л** вачIине рагIи кьун букIана ва махсараде ккуна

ОБМАНУ́ ТЬСЯ *сов. в ком-чем* гьересилъизе, гьерсилъе ккезе, мекъи ккезе

ОБМА́НЧИВ//ЫЙ, -ая, -ое рекIкIаб, жиндилъ гьереси, рекIкI бугеб; **~ая пого́да** рекIкIаб гьава-бакъ; божизе бегьулареб, божударекIкI гьабулеб

ОБМА́НЩИК *м* гьерсихъан, рекIкIав чи

ОБМА́НЩИЦА *ж* гьерсихъан, рекIкIай гIадан

ОБМА́НЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **обману́ть(ся)**

ОБМА́ТЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **обмота́ть(ся)**

ОБМА́ХИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **обмахну́ть(ся)**

ОБМАХНУ́ ТЬ *сов.* 1) *что* кIутIизе, *сунданиги* хехго, бигьаго хIурудаса, чороклъиялдаса бацIцIад гьабизе; **~ пыль с кни́ги** тIехьалдаса хIур кIутIизе 2) *кого-что чем* гьогьен чIвазабизе; **~** *кого-л.* **ве́ером** *лъиданиги* гьурихьвагIалъ гьогьен чIвазабизе

ОБМАХНУ́ ТЬСЯ *сов. жиндаго* гьогьен чIвазабизе

ОБМЕЛЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **обмеле́ть**) лъим дагьлъи (тIалхилъи, тIадголъи)

ОБМЕЛЕ́//ТЬ *сов.* лъим дагьлъизе; **река́ ~ла** гIор тIадго-лъана, гIурулъ лъим дагьлъана

ОБМЕ́Н *м* 1) (*по гл.* **обменя́ть**) хисизе; **~ чле́нских биле́тов** членлъиялъул белтал хиси 2) (*по гл.* **обменя́ться**) хIалбихьи данд-бай, цоцазул хIалбихьи лъазаби; **~ мне́ниями** пикраби дандрай 3) *эк.* хиси; **~ това́ров** къайи хиси; **плани́рование ~а** хисбасалъул план гьаби ◊ **~ вещ е́ств** чIагоял организмабазда квен бихIунаго кколел хиса-басиял

ОБМЕ́НИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **обмени́ ть(ся), обменя́ ть(ся)**

ОБМЕНИ́ ТЬ *сов.* хис-бас гьабизе; **~ ша́пку в гостя́ х** лъачIо-го яги ургъунго гьоболлъухъ тIагъур хисизе

ОБМЕНИ́ТЬСЯ *сов. чем разг.* цоцазулгун хисизе; **~ гало́шами** гьалмагъасулгун калушал хисизе; хисун ккезе

ОБМЕНЯ́ТЬ *сов.* хисизе; **~ кни́ги в библиоте́ке** библиотекаялда тIахьал хисизе

ОБМЕНЯ́ ТЬСЯ *сов.* 1) *кем-чем* хисизе; **~ ко́мнатами** рукъзал хисизе 2) *чем перен. кинаб букIаниги* ишалъе гьединабго жаваб кьезе; **~ мне́ниями** цоцазул пикраби лъазаризе; **~ приве́тствиями** цоцахъе баркиял ритIизе

ОБМЕ́Р *м* (*по гл.* **обме́рить**) 1) (*измерение*) борцин; **~ са́да** ах борцин 2) *разг. (обман)* камизабун борцин; роцадулъ, цIавулъ гукки

ОБМЕ́РИВАТЬ *несов. см.* **обме́рить**

ОБМЕ́РИТЬ *сов.* 1) *кого-что (измерить) (кинабго рахъалъ борцун) сундулниги* кIодолъи чIезабизе, борцине; **~ по́ле** хур борцине 2) *кого (обмануть)* роцадулъ гуккизе; **~ покупа́теля** босулев чи роцадулъ гуккизе

ОБМЕРЯ́ ТЬ *несов. см.* **обме́рить**

ОБМЕСТИ́ *сов. что сунданиги тIаса щибниги* кIутIизе; лъухьун бацIцIад гьабизе; **~ ва́ленки от сне́га** валенкаби гIазудаса рацIцIад гьаризе; **~ паути́н** лъухьун хъанхъраялдаса ба-цIцIад гьабизе

ОБМЕТА́ТЬ[1] *несов. см.* **обмести́**

ОБМЕТА́//ТЬ[2] *сов. что* 1) (*обшить через край*) шушине, рагIал чIван, букъизе; **~ть пе́тли** бекIикартIал рукъизе 2) *безл. разг.* пулхине, сус бахъине; **мне ~ло гу́бы** дир кIутIби пулхун, тIаде жо бахъун рукIана

ОБМЁТЫВАТЬ *несов. см.* **обмета́ть**[2]

ОБМИНА́ТЬ *несов. см.* **обмя́ ть**

ОБМОЛА́ЧИВАТЬ *несов. см.* **обмолоти́ ть**

ОБМО́ЛВИТЬСЯ *сов. разг.* 1) (*оговориться*) кIалъалаго гьалатI ккезе, ракIалдаго гьечIого хIажатаб гуреб рагIи абун борчIизе 2) (*проговориться*) лъачIого абизе, кколареб жо абун борчIизе ◊ **сло́вом не ~** рагIицин абичIого, микъан вахъинчIого чIезе

ОБМО́ЛВКА *ж* тохаб рагIи, ургъичIого яги мекъи абураб рагIи, гьалатI; **случа́йная ~** ургъичIого абураб гьалатIаб рагIи

ОБМОЛО́Т *м* 1) (*по гл.* **обмолоти́ть**) лал тIами, лалдей 2) (*количество обмолоченного зерна*) лал тIамун бахъараб, щвараб тIорщел

ОБМОЛОТИ́ТЬ *сов. что* лал тIамизе; **~ пшени́цу** ролъул лал тIамизе (*лал тIамун, сумалдаса ролъ батIа гьабизе*)

ОБМОРА́ЖИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **обморо́зить(ся)**

ОБМОРО́ЗИТЬ *сов. что* цIорозабизе; **~ у́ши** гIундул цIорозаризе

ОБМОРО́ЗИТЬСЯ *сов. (гучаб квачалда гъоркье ккун*), лагачерх цIорозе, бугьине, гIунизе

О́БМОРОК *м* лъавудаса ин, кIотун ккей; **па́дать в ~** лъавудаса ине

О́БМОРОЧН//ЫЙ, -ая, -ое лъавудаса араб; **~ое состоя́ние** лъавудаса араб хIал

ОБМОТА́ТЬ *сов.* 1) *кого-что чем* жемизе; **~ го́лову полоте́нцем** ботIрода сверун полотенце жемизе 2) *что вокруг чего сунданиги с*верун чанго нухалъ жемизе; **~ шарф вокру́г ше́и** габур сверун шарф жемизе

ОБМОТА́//ТЬСЯ *сов.* 1) (*обернуть себя*) (*жиндаго*) жемизе; **~ться полоте́нцем** чанго нухалъ полотенце жемизе (*жиндаго*) 2) (*обвиться вокруг чего-л.*) *сунданиги* сверун жемизе; **ни́ тка ~лась вокру́г па́льца** кун килщида сверун жемана (жемун ана)

ОБМО́ТК//А *ж* 1) (*по гл.* **обмота́ть**) тIад жеми, жеми 2) *эл.* токалъул моторалда, трансформаторалда жемараб квар; **про́вод без ~и** тIад жемараб жо гьечIеб телалъул квар 3) *мн.* **~и** (*для ног*) обмоткаби (*хIамIазда жемулел бицатаб ххамил чIалал*); **солда́тские ~и** солдатазул обмоткаби 4) *сунданиги* тIад жемулеб яги жемараб жо

ОБМОЧИ́ТЬ *сов. кого-что* биччизабизе; **~ рукава́** гордил къвалал риччизаризе

ОБМУНДИРОВА́НИЕ *с* 1) (*по гл.* **обмундирова́ть**) ретIел-хьиталдалъун хьезари 2) (*одежда*) (*аскарияб*) ретIел-хьит; **зи́ мнее ~** хасалил ретIел-хьит

ОБМУНДИРОВА́ТЬ *сов. кого-что* ретIел-хьиталдалъун (формаялдалъун) хьезавизе; **~ а́рмию** армия ретIел-хьиталдалъун хьезабизе

ОБМУНДИРОВА́ТЬСЯ *сов.* жиндиего ретIел-хьит босизе

ОБМУНДИРОВКА *ж разг. см.* **обмундирова́ние**

ОБМУНДИРО́ВОЧНЫЙ, -ая, -ое ретIел-хьиталъе (формаялъе) бихьизабураб, *гьелъие* биччараб

ОБМУНДИРО́ВЫВАТЬСЯ *несов. см.* **обмундирова́ться**

ОБМЫВА́НИЕ *с* кинабго рахъалдасан чури, бацIцIад гьаби

ОБМЫВА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **обмы́ ть(ся)**

ОБМЫ́ ЛОК *м разг. (хIалтIизабулеб букIараб*) сапнал хутIел, кесек

ОБМЫ́ТЬ *сов. кого-что* 1) кинабго рахъалдасан, бацIцIад гьабун, чуризе; **~ ра́ну** ругъун, бацIцIад гьабун, чуризе 2) *разг. (отметить выпивкой*) бергьенлъи, босараб тIагIел ва гь.ц. гьекъеялдалъун кIодо гьабизе, чуризе

ОБМЫ́ТЬСЯ *сов.* жиндасаго хIарщ, хIур *ва гь.ц.* чуризе; лъекь, цIадакь бацIцIалъизе (*кинаб букIаниги тIагIел*)

ОБМЯКА́ТЬ *несов. см.* **обмя́ кнуть**

ОБМЯ́ КНУТЬ *сов. разг.* 1) (*стать мягким*) тамахлъизе, хIеренлъизе, цебесеб къвакIи тIагIине 2) (*стать расслабленным*) загIиплъизе, бечIазе 3) *перен. (стать снисходительным)* тамахлъизе, гурхIел бугевлъун лъугьине, хIеккине

ОБМЯ́ ТЬ *сов. что* бугIизе, кIвекIизе, мерхьине; **~ се́но** хер мерхьине

ОБНАГЛЕ́ТЬ *сов.* нич тIагун лъугьине, намус гьечIого лъугьине

ОБНАДЁЖИВАТЬ *несов. см.* **обнадёжить**

ОБНАДЁЖИТЬ *сов. кого-что* хьул лъезабизе, къасд ккезабизе

ОБНАЖА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **обнажи́ ть(ся)**

ОБНАЖЁНН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*о теле*) гIицIаб, толохIочараб; **~ая голова́** гIицIаб бетIер 2) (*лишенный листвы,голый*) тIамах гъараб; **ве́тер кача́ет ~ые дере́вья** гьороца хьвагIезарулел руго тIамах гъарал гъутIби; **~ая степь** чIобогояб авлахъ 3) (*о сабле и т.п.*): **~ый меч** лъалиниса бахъараб кIалден (хвалчен)

ОБНАЖИ́ ТЬ *сов.* 1) *кого-что* гIицI гьабизе; **~ го́лову** бетIер гIицI гьабизе; **~ пле́чи** къигъуждул цере лъезаризе 2) *что (саблю и т.п.*) лъалиниса къватIибе бахъизе 3) *что воен. (фланг и т.п.*) тушманасе рагьизе, цIуничIого тезе 4) *что перен. (сделать явным)* рагьун, якъинго бихьизабизе; **~ зло** квешлъи рагьун, якъинго бихьизабизе

ОБНАЖИ́//ТЬСЯ *сов.* 1) толохIочозе, цебе лъезе; **спина́ ~лась** мугъ цебе лъуна 2) (*лишиться растительности, листвы*)

гIурччинлъи тIагIине, тIамах гъине 3) (*о горных породах*) тIаде рехизе, цере лъезе 4) *перен. (стать явным)* якъинлъизе

ОБНАРО́ДОВАНИЕ *с* (*по гл.* **обнаро́довать**) халкъалда гьоркьоб тIибитIизаби, халкъалда лъазаби (*кIалалъ яги хъван*)

ОБНАРО́ДОВАТЬ *сов. что* халкъалда гьоркьоб тIибитIизабизе, халкъалда лъазабизе; *ист.* бода тIибитIизабизе; **~ ука́з** указ (хIукму) халкъалда гьоркьоб тIибитIизабизе

ОБНАРУЖЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **обнару́жить**) бихьи, цебелъей, бати **2.** (*по гл.* **обнару́житься**) загьирлъи

ОБНАРУ́ ЖИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **обнару́жить(ся)**

ОБНАРУ́ ЖИТЬ *сов.* 1) *что* загьир гьабизе; **~ свою́ ра́дость** жиндирго рохел загьир гьабизе 2) *кого-что (найти)* батизе; **~ пропа́вшую вещь** тIагIараб жо (тIагIел) батизе 3) *что (раскрыть)* рагьизе, тIатинабизе; **~ преступле́ние** такъсир рагьизе, тIатинабизе

ОБНАРУ́ ЖИ//ТЬСЯ *сов.* 1) (*найтись*) батизе; **пропа́вшая кни́га ~лась** биларав (тIагIараб) тIехь батана 2) (*стать явным, оказаться*) батизе, загьирлъизе, тIатине, баянлъизе; **~лось воспале́ние лёгких** гьуърузул унти (гьорой) загьирлъана; **у ребёнка ~лась корь** лъимадул меседил унти батана

ОБНЕСТИ́ *сов.* 1) *что чем (огородить)* сверун къазе, чали кквезе (гьабизе); 2) *кого чем (угостить*) тIолазего бикьизе, кьезе, щвезабизе; **~ гостёй я́блоками** гьалбадерие гIеч бикьизе 3) *кого (пропустить при угощении*) бикьулелъул *щивниги* гьоркьов тезе, гьоркьов виччазе

ОБНИМА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **обня́ ть(ся)**

ОБНИ́ МК//А *ж:* **в ~у** *разг.* цоцада къвалал ран, цоцада хурхун

ОБНИЩА́ЛЫЙ, -ая, -ое язихълъарав, мискинлъарав, гьардухъанлъарав

ОБНИЩА́НИЕ *с* мискинлъи, язихълъи

ОБНИЩА́ТЬ *сов.* мискинлъизе, язихълъизе, гьардухъанлъизе

ОБНО́ВА *ж разг. см.* **обно́вка**

ОБНОВИ́ТЬ *сов.* 1) *что (заменить новым*) цIигьабизе, цIилъизабизе 2) *что (починить)* къачIазе 3) *что разг. (впервые употребить)* цIилъи бахъизе, цIияб жоялдасан (тIоцебесеб нухалъ) пайда босизе, хIалтIизабизе; **~ платье** цIияб гурде тIоцебесеб нухалъ) ретIине, гурдил цIилъи бахъизе 4) *кого-что (возродить)* чIаголъизабизе, цIилъизабизе; **~ свои́ зна́ния** жиндирго лъай цIилъизабизе (цIикIкIинабизе)

ОБНОВИ́ ТЬСЯ *сов.* цIилъизе

ОБНО́ВКА *ж разг.* цIияб жо, цIияб, дагьаб цебегIан босараб, букъараб ретIел-хьит; **о́, у тебя́ ~!** (*о костюме*) ва, дур цIияб костюм бихьула!

ОБНОВЛЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **обнови́ ть**) цIилъизаби **2.** (*по гл.* **обнови́ться**) цIилъи **3.** *перен.* чIаголъи, чIаголъизаби; **весе́ннее ~е приро́ды** тIабигIаталъул ихдалилаб чIаголъи (ихдал тIабигIат чIаголъи)

ОБНОВЛЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **обнови́ ть(ся)**

ОБНОСИ́ ТЬ[1] *сов. что разг.* 1) ретIун ругьун гьавизе; рекъон ккезабизе; **~ но́вые боти́нки** цIиял ботинкаби ретIун хIатIида рекъон ккезаризе 2) басралъизаризе, хвезаризе

ОБНОСИ́ ТЬ[2] *несов. см.* **обнести́**

ОБНОСИ́ТЬСЯ *сов. разг.* 1) (*износить одежду*) басралъизегIан, хвезегIан ретIине (*костюм*) 2) (*стать удобным, привычным*) санагIатаблъун, ругьунаблъун лъугьине

ОБНО́С//КИ *мн.* (*ед.* **~ок** *м*) басралъараб, хохораб ретIелхьит

ОБНЮ́ ХА//ТЬ *сов. кого-что* махI сунтIизе; **соба́ка ~ла незнако́мца** гьвеца лъаларев чиясдаса махI сунтIана

ОБНЮ́ ХИВАТЬ *несов. см.* **обню́ хать**

ОБНЯ́ТЬ *сов. кого-что* 1) каранде къазе; къвал базе; **~ ребёнка** лъимер каранде къазе 2) *перен. (постигнуть)* кинабго рахъалъ жанибе бачине; дурусго, лъикI бичIчIизе, нахъгIунтIизе

ОБНЯ́ТЬСЯ *сов.* цоцада къвалал разе; **~ при встре́че** дандчIвайгун цоцада къвалал разе, хурхине

О́БО *см.* **о**[1]

О́БО *см.* **об-**

ОБОБРА́ТЬ *сов. разг.* 1) *что (собрать)* бакIаризе; нахъе босизе; **~ оре́хи с де́рева** гъотIодаса цIулакъо бакIаризе 2) *кого-что (ограбить)* гьерсидалъун, божилъиялдасан пайда босун, *щивниги* тала гьавизе

ОБОБЩА́ТЬ *несов. см.* **ообобщи́ ть**

ОБОБЩЕ́НИЕ *с* 1) (*по гл.* **ообобщи́ ть**) жамгI гьаби, гIамлъизаби; **~ о́пыта** хIалбихьи гIамлъизаби 2) (*общий вывод*) гIаммаб хIасил; **сде́лать ~** гIаммаб хIасил гьабизе

ОБОБЩЕСТВИ́ТЬ *сов. что* цоясул букIараб гIаммаблъун, цадахъаблъун, гьоркьосеблъун, гIахьалаблъун гьабизе, киналго бетIергьанаблъун гьабизе; **~ зе́млю** ракь гIахьалаблъун гьабизе

ОБОБЩЕСТВЛЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **ообществи́ ть**) гIамлъизаби; **~ се́льского хозя́йства** росдал магIишат гIамлъизаби, киназего гIахьалаблъун гьаби

ОБОБЩЕСТВЛЯ́ ТЬ *несов. см.* **ообществи́ ть**

ОБОБЩИ́ТЬ *сов. что* жамгI гьабизе, гIамлъизабизе; **~ о́пыт** хIалбихьи гIамлъизабизе; гIаммаб хIасил гьабизе

ОБОВШИ́ВЕТЬ *сов.* нацI базе

ОБОВЬЮ́ (СЯ), обовьёшь(ся) *и т.д. буд. от* **обви́ ть(ся)**

ОБОГАТИ́ТЬ *сов.* 1) *кого-что прям., перен.* бечед гьабизе, бечелъизабизе; **~ страну́** улка бечед гьабизе; **~ свой язы́к** жиндирго мацI бечед гьабизе 2) *что горн.* пайдаял, лъикIал рахъал цIикIкIинаризе; бечелъизабизе; **~ по́чву** ракь лъикIлъизабизе, бечед гьабизе

ОБОГАТИ́ТЬСЯ *сов.* 1) *прям., перен.* бечелъизе 2) тIаде цIикIкIине, гIуцIиялъул, хIасилалъул рахъалъ бечелъизе

ОБОГАЩА́ТЬСЯ *несов. см.* **обогати́ ть(ся)**

ОБОГАЩЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **обогати́ть**) бечед гьаби, бечелъизаби **2.** (*по гл.* **обогати́ ться**) бечелъи цIикIкIин

ОБОГНА́ТЬ *сов. кого-что прям., перен.* цебе ккезе, бергьине; **~ велосипеди́ста** велосипедистасдаса бергьине; **~ свои́х това́рищей по ку́рсу** курсалда жиндирго гьалмагъзабаздаса цеве ккезе

ОБОГНУ́ //ТЬ *сов. что* 1) сверун къазе, кIичIизабун сверун тIамизе, сверун кквезе; **~ть о́бруч вокру́г бо́чки** чирмакъолода сверун гор тIамизе 2) (*обойти, объехать кругом*) сверун ине; **кора́бль ~л о́стров** гама чIинкIиллъи сверун ана

ОБОГОТВОРИ́ ТЬ *сов. см.* **обоготворя́ ть**

ОБОГОТВОРЯ́ТЬ *несов. кого-что* аллагьлъун гьавизе, аллагьлъун кквезе, рикIкIине, кIодо гьавизе

ОБОГРЕ́В *м см.* **обогрева́ние**

ОБОГРЕВА́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **обогре́ть**) хинлъизаби, багIаризаби **2.** (*по гл.* **обогре́ться**) хинлъи, багIари

ОБОГРЕВА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **обогре́ть(ся)**

ОБОГРЕ́ТЬ *сов. кого-что* хинлъизабизе, багIаризабизе; **~ ко́мнату** рукъ хинлъизабизе

ОБОГРЕ́ТЬСЯ *сов.* хинлъизе, багIаризе, бахьизе; **~ у костра́** цIадухъ хинлъизе

О́БОД *м (колеса, бочки и т.п.*) 1) маххул гор (*гьакибералда сверун кколеб*) 2) гор (*сунданиги букIунеб*); **о́бод решета́** цIалкIил гор

ОБОДО́К *м* 1) *уменьш. от* **о́бод** 2) (*кайма*) сверун ккураб (гьабураб) чалу, мицIир, чIоло

ОБОДРА́НЕЦ *м разг.* тIутIу-хъухъураб, хохораб ретIелги ретIун хьвадулев чи; гьардухъан

ОБОДРА́НКА *ж разг.* тIутIу-хъухъураб, хохораб ретIелги ретIун, хьвадулей гIадан; гьардухъан

ОБОДРА́//ТЬ *сов.* 1) *кого-что (собрать*) *сундасаниги* тIолабго хъал, цIоко, тIом бахъизе, ччукIизе, чехъезе; **~ть кору́ с де́рева** гъотIодаса хъал бахъизе 2) (*поцарапать*) хъарсизе; **кто ~л тебе́ щеку́?** дур кIаркьен лъица хъарсараб? 3) (*обтрепать, изорвать*) басралъун, бихъ-бихъизабизе, пасалъизабизе 4) *разг. (обобрать*) божилъиялдасан пайдаги босун, гьерсидалъун *лъи-хъаниги* тIолабго бетIергьанлъи, гIарац бахъизе, бикъизе, тала гьабизе

ОБОДРА́ТЬСЯ *сов.* 1) батIалъун, бахъун, чехъон, ччукIун ине (*хъал*) 2) бихъ-бихъун, тIутIун ине

ОБОДРЕ́НИ//Е *с* рецц-бакъалъ жиндаго божизави, гьира базаби, ракI батизаби

ОБОДРИ́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое жигар, божилъи бижизабулеб, гьира базабулеб; ракI батизабулеб; **~ые слова́** гьира базабулел, ракI батизабулел ргIаби

ОБОДРИ́ ТЬ *сов. кого-что* гьира бижизабизе; къасд ккезабизе; ~ **людёй** гIадамазул къасд ккезабизе, божилъи бижизабизе, ракI батизабизе

ОБОДРИ́ ТЬСЯ *сов.* гьира бижизе, къасд ккезе; жигар бахъизе

ОБОДРЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **ободри́ ть(ся)**

ОБОДРЯ́ЮЩ//ИЙ, -ая, -ее гьира базабулеб, божилъи лъугьинабулеб; **~ие слова́** гьира базабулел, ракI батизабулел ргIаби

ОБО́ЕГО *числ. м, с уст.*: ◊ **ли́ ца ~ по́ла** бихьиналги руччабиги; бихьиназулги руччабазулги жинс бугел гIадамал, бихьинцIуял

ОБОЕПО́ЛЫЙ, *-ая, -ое биол.* бихьиназулги руччабазулги хасиятал жиндилъ ругеб; кIиябго жинсалъулаб, бихьин-цIуяб

ОБОЖА́НИЕ *с лъилниги* хIурмат гьаби; *щивниги* гIурхъи гьечIого, кутакалда вокьи

ОБОЖА́//ТЬ *несов.* 1) *кого-что* хIаталдаса ун, кутакалда бокьизе; **~ть своего́ сы́ на** жиндирго вас, гIорхъолъа ун, кутакалда вокьизе 2) *что разг. (очень любить) щибниги* цIакъ бокьизе; **она́ ~ет цветы́** долъие цIакъ тIугьдул рокьула

ОБОЖГУ́ (СЯ), обожжёшь(ся) *и т. д. буд. от* **обже́чь(ся)**

ОБОЖДА́ТЬ *сов. кого-что и без доп. разг. сундухъниги* балагьун чIезе, заман нахъбахъизе, нахътIамизе

ОБОЖЕСТВИ́ТЬ *сов. кого-что* хIакъикъаталдаса тIадегIанаблъун, аллагьасул къуват бугеблъун, аллагьлъун рикIкIине, аллагьлъун кквезе

ОБОЖЕСТВЛЕ́НИЕ *с* (*по гл.***обожестви́ть**) хIакъикъаталдаса тIадегIанаблъун, аллагьлъун рикIкIин, аллагьлъун гьави

ОБОЖЕСТВЛЯ́ ТЬ *несов. см.* **обожестви́ ть**

ОБО́З *м воен.* обоз *(аскаралда хадуб сурсат, къайи баччизе бихьизабураб гьаказул, машинабазул къукъа);* **пожа́рный ~** цIа ккараб бакIалда хIалтIизарулел машинаби, насосал *(кинабго цадахъ)*; хадур-цере, къайиги тIад лъун, унел гьакал

ОБОЗВА́ТЬ *сов. кого-что кем-чем лъиданиги* рогьоб базе; **~ дурако́м** *лъиданиги* гIабдалилан рогьоб базе

ОБОЗЛИ́ТЬ *сов. кого разг.* ццидахинавизе, ццин бахъинабизе

ОБОЗЛИ́ ТЬСЯ *сов. разг.* ццидахине, ццин бахъине

ОБОЗНА́ТЬСЯ *сов. разг. щивниги* къосине (*ватIа гьавизе лъачIого хутIизе*)

ОБОЗНАЧА́//ТЬ *несов.* 1) *что (иметь смысл, значение*) магIна, кIвар букIине; **что ~ет э́ то сло́во?** гьеб ргIул магIна щиб? 2) *см.* **обозна́чить**

ОБОЗНАЧА́ТЬСЯ *несов. см.* **обозна́читься**

ОБОЗНАЧЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **обозна́чить**) гIуж гьаби, бай, гIаламат гьаби **2.** (*знак*) гIуж, гIаламат, ишара; **усло́вное ~** батIалъиялъе балеб гIуж (шартIияб ишара)

ОБОЗНА́ЧИТЬ *сов. что* 1) (*отметить) кинаб букIаниги* гIаламаталдалъун, ишараялдалъун бихьизабизе; **~ на ка́рте реку́** картаялда гIор хасаб ишараялдалъун бихьизабизе 2) (*сделать заметным*) бихьулеблъун, батIалъулеблъун, батIа бахъулеблъун гьабизе

ОБОЗНА́ЧИТЬСЯ *сов. (стать заметным)* бихьулеб сурат лъугьине, батIалъизе, загьирлъизе

ОБОЗРЕВА́ТЕЛЬ *м* обозреватель (*газеталъул, журналалъул ва гь.ц. обзор гьабурав чи, обзоралъул автор)*

ОБОЗРЕВА́ТЬ *несов. см.* **обозре́ть**

ОБОЗРЕ́НИЕ *с* 1) (*по гл.* **обозре́ть**) халгьаби, балагьи 2) (*очерк*) обзор, гIаммаб куцалъ цоцазда рухьарал лъугьа-бахъиназдул, ишазул ва гь.ц. хIакъалъулъ къокъаб баян; **междунаро́дное ~** халкъазда гьоркьосел ишазул хIакъалъулъ къокъаб баян

ОБОЗРЕ́ТЬ *сов. что* 1) (*осмотреть*) бер речIчIизабун, хал гьабизе, балагьизе 2) *перен. (обследовать)* кIалъаялдасан, статьялдасан *ва гь.ц.* цIехезе, лъазабизе

ОБО́//И *мн.* обоял, къеда кколеб кагъат; **оклéить ~ями** къадада кагъат седезе (кквезе)

ОБО́ИМ *дат. п. от* **о́ба**

ОБО́ИМИ *тв. п. от* **о́ба**

ОБО́ИХ *род., вин. и предл. п. от* **о́ба**

ОБО́ЙМА *ж* обойма, тункIил, танчил патронал жанир лъолеб алат, магазин; магазиналда лъолел патроназул къадар

ОБОЙТИ́ *сов.* 1) *кого-что сунданиги* сверун ине; **~ вокру́г до́ма** рукъалда сверун ине 2) *кого-что (посетить, побывать*) киназухъего щвезе 3) *что* цояб рахъалдасан ине; **~ го́род с ю́ га** шагьар къилбаялъул рахъалда тезе 4) *кого-что разг. (обогнать)* нахъа тезе 5) *кого перен. разг. (обмануть)* махсараде кквезе

ОБОЙТИ́СЬ *сов.* 1) *с кем-чем (поступить*) бала-гъалагьизе, гъоркьоблъи гьабизе; **пло́хо ~** *с кем-л. лъидехунниги* квешго балагьизе; **с ним обошли́ сь хорошо́** гьосулгун лъикIаб гьоркьоблъи гьабун буго (гьосдехун лъикIаб бербалагьи гьабун буго) 2) *во что разг. (стоить)*: **костю́ м обошёлся неда́рого** костюм учузго чIана, гIемер хираго ккечIо 3) *без кого-чего, кем-чем щивалиго* гьечIого, *сунданиги-лъиданиги* гIей гьабун тIубазе; **без тебя́ обойду́сь** мун гьечIого тIубала

ОБОКРА́СТЬ *сов. кого-что* бикъизе, цIогь гьабизе

ОБОЛГА́ТЬ *сов. кого-что разг.* бугьтан лъезе, мацI гьабизе

ОБОЛО́ЧКА *ж* 1) гьат, хъал; **~ зерна́** могьода бугеб хъал (могьохъал) 2) *анат.* пардав; **рогова́я ~ гла́за** берзул пардав 3) *тех.* тIасияб гьат; **свинцо́вая ~ ка́беля** кабелалъул тIасияб тIухьидул гьат

ОБО́ЛТУС *м бран.* лъугьинчIев чи, ахIмакъ, ишгьечI

ОБОЛЬСТИ́ТЕЛЬ *м* берцинаб мацIалдалъун *щивниги* махсараде кколев чи; яс, чIужугIадан хIеренаб мацIалъ жиндехунго цIалев чи

ОБОЛЬСТИ́ТЕЛЬНИЦА *ж щалниги* махсараде кколей гIадан; берцинлъиялдалъун, гIамалалдалъун бихьинал жиндехунго цIалей гIадан

ОБОЛЬСТИ́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое нахъчIвазе кIоларедухъ жиндехун ракI цIалеб (*гьаракь*)

ОБОЛЬСТИ́ТЬ *сов. кого* 1) *щибниги гьабилилан*, рецц-бакъалдалъун гуккизе, кверде йосизе, итизайизе 2) (*обесчестить*) ясалъул къадру хвезабизе, суризайизе

ОБОЛЬСТИ́ ТЬСЯ *сов. см.* **обольща́ться**

ОБОЛЬЩА́ТЬ *несов. см.* **обольсти́ ть**

ОБОЛЬЩА́//ТЬСЯ *несов.* хехго божизе, гьира ккезе, ракI базе, къасд ккезе; хехго божизе, мекъияб пикру букIине, гьерсида хадув ине; **не ~йся** гьерсида хадув унге

ОБОЛЬЮ́ (СЬ), обольёшь(ся) *и т. д. буд. от* **обли́ ть(ся)**

ОБОМЛЕ́ТЬ *сов. разг. (оторопеть)* 1) гIакълуялдаса унеб хIалалъ тамахлъизе, тамахлъун ккезе 2) хаган, виххун хутIизе, цIоро-гьорозе; **~ от испу́га** хIинкъиялъ хаган хутIизе

ОБОНЯ́НИ//Е *с* махI лъай; **о́рган ~я** махI босулеб лага; **име́ть то́нкое ~е** кигIан дагьабги махI батIа бахъизе лъазе, чIвазе

ОБОНЯ́ ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое махI чIвалеб (*лага*); **~ нерв** махI чIваялъе бугеб нерв

ОБОНЯ́ ТЬ *несов. что* сунтIун махI лъазе, махI чIвазе

ОБОПРУ́ (СЬ), обопрёшь(ся) *и т. д. от* **опере́ть(ся)**

ОБОРА́ЧИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **обернýть(ся)**

ОБОРВА́НЕЦ *м* басрияб, тIутIураб ратIлилъ хьвадулев чи

ОБОРВА́НКА *ж* басрияб, тIутIураб ратIлилъ хьвадулей гIадан

ОБО́РВАННЫЙ, -ая, -ое басрияб, бихъараб, тIутIураб, хохораб

ОБОРВА́ТЬ *сов. что* 1) (*сорвать все*) кинабго бетIизе, сверухъе тIезе; **~ лепестки́ цветка́** сверухъе тIогьол тIанчал тIезе 2) (*разорвать*) тIезе, тIун рехизе; **~ вéшалку у пальто́** пальтоялъул кIичI тIезе 3) *перен. (прекратить)* циндаго гьоркьоса къотIизабизе, тIезабизе; **~ речь** калам гьоркьоб къотIизабизе

ОБОРВА́//ТЬСЯ *сов.* 1) *(разорваться)* тIезе, тIун ине; **верёвка ~ла́сь** квар тIуна, тIун бачIана 2) (*упасть*) *цо бакIалда кквезе кIвечIого*, батIалъизе, бортизе; **~ться с де́рева** гьотIодаса батIалъизе, бортизе 3) *перен. (смолкнуть*) циндаго чIезе, гьоркьоб къотIизе; **пе́сня ~ла́сь** кечI циндаго гьоркьоб къотIана 4) *разг. (обноситься)* картIал лъугьинегIан ретIине; **се́рдце у него́ ~ло́сь** досул ракI бихъулеб букIана (*циндаго ккараб рокьукъаб ишалъ; хIинкъиялъ лъугьинабураб асаралъул хIакъалъулъ*)

ОБО́РКА *ж мицIирги буцIцIун*, кьегIалъе ккураб чалу, ххамил чIоло (*ратIлъида*); **пла́тье с ~ми** *мицIирги буцIцIун*, чалу ккураб руччабазул гурде

ОБОРО́НА *ж* 1) (*по гл.* **обороня́ ть**) оборона, тушманасдаса *щибниги* цIуни; **~ Ленингра́да** Ленинградалъул оборона 2) (*совокупность средств для защиты*) *щибниги* цIунизе хIажатаб тIолабго сурсат; **~ страны́** улкаяллъул оборона 3) (*система, линия обо-*

ронительных сооружений) оборонаялъул щулалъабазул гIуцIи, мухъ

ОБОРОНИ́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое цIуниялъулаб, оборонаяр-лъулаб; **~ые сооруже́ния** оборонаялъулал щулалъаби; оборонаялъе бугеб

ОБОРО́НН//ЫЙ, -ая, -ое оборонаялъул; **~ый завО́д** оборонаялъул завод; **~ая промы́шленность** оборонаялъулаб промышленность; оборонаялда хурхараб

ОБОРОНОСПОСО́БНОСТЬ *ж* жибго цIунун бажари, жибго цIунизе хIадурлъи букIин

ОБОРОНОСПОСО́БНЫЙ, -ая, -ое тушманасдаса жибго цIунун бажарулеб, жибго цIунизе хIадураб

ОБОРОНЯ́ТЬ *несов. кого-что* тушманасул, дандеясул гьужум нахъ чIвалаго, *щибниги* цIунизе

ОБОРОНЯ́ТЬСЯ *несов.* тушманасул, дандеясул гьужум нахъ-чIвалаго живго цIунизе; **~ от уда́ров** дандеясул кьабияздаса цIунизе

ОБОРО́Т *м* 1) (*полный круг вращения*) тIубараб свери; **~ колеса́** гьакибералъул свери 2) *эк.* оборот; дармилгун финансазул операция 3) (*поворот*) кIичIи́ ; **~ реки́** гIурул кIичIи́ 4) (*оборотная сторона*) нахъисеб рахъ 5) (*речи*) каламалъул сверел ◊ **брать (взять) в ~** *лъиениги* кIудияб асар, тIадецуй гьабизе, щибниги гьабизе тIамизе

ОБОРО́ТИСТЫЙ, -ая, -ое *см.* **оборо́тливый**

ОБОРО́ТЛИВЫЙ, -ая, -ое *разг.* жиндирго ишал гьариялъулъ лебалав, ругел ресаздаса махщалида пайда босулев; **~ челове́к** живго бечелъиялъе ахIвал-хIалалдаса махщалида пайда босулев чи

ОБОРО́ТН//ЫЙ, -ая, -ое 1) *эк.* дармилъ лъураб нахъбуссунеб (*капитал, гIарац*) 2) бегунисеб, нахъисеб (*гьумераб гуреб*); **~ая сторона́ листа́** тIанчил нахъисеб рахъ ◊ **~ая сторона́** *сундулниги* квешаб, мекъаб рахъ

ОБОРУ́ДОВАНИЕ *с* 1) (*по гл.* **обору́довать**) къваригIунеб тIагIел-гIучI, къайи чIезаби 2) *сундуениги* къваригIунеб тIагIел-гIучI, къайи-къоно

ОБОРУ́ДОВАТЬ *сов. и несов. что* къваригIунеб тIагIел, къайи чIезабизе; **~ завО́д** завод хIажатаб тIагIелалдалъун хьезабизе, заводалъе къваригIунеб тIагIел-гIучI чIезабизе

ОБОСНОВА́НИЕ *с* 1) (*по гл.* **обоснова́ть**) хIужжаби рачин 2) (*доказательство*) *сундуениги* гIиллалъун, хIужжалъун бугеб жо; **глубо́кое нау́чное ~** гъваридаб гIелмияб кьучI тIами

ОБОСНО́ВАННОСТЬ *ж* хIужжа, гIилла, кьучI букIин; **~ реше́ния** хIукмуялъе гIилла, хIужжа, кьучI букIин

ОБОСНО́ВАННЫЙ, -ая, -ое хIужжаби рачараб, гIилла, кьучI бугеб; **~ приговО́р** кьучI бугеб, хIужжаби рачараб судалъул хIукму; кьучIаб хIукму

ОБОСНОВА́ТЬ *сов. что* хIужжаби рачине, *гьездалъун* кьучI тIамизе, ритIухъ гьабизе; **~ своё предложе́ние** жиндирго предложение (цебе лъураб суал) хIужжабаздалъун кьучIаб букIин бихьизабизе

ОБОСНОВА́ТЬСЯ *сов. разг.* думалъго цо бакIалда чIезе; **~ на но́вом ме́сте** думалъго цIияб бакIалда чIезе

ОБОСНО́ВЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **обоснова́ть(ся)**

ОБОСО́БИТЬ *сов. кого-что (выделить)* батIа гьабизе, тIезабизе; **~ ма́ленький уча́сток в саду́** ахил гьитIинаб бутIа тIезабизе, батIа гьабизе 2) *грам.* тIезабизе, батIа гьабизе, хасаблъун гьабизе; **~ сло́во запяты́ми** рагIи запятаяз батIа гьабизе

ОБОСО́БИТЬСЯ *сов.* тIезе, батIалъизе; **~ от свои́х това́рищей** жиндирго гьалмагъзабаздаса ватIалъизе, ватIалъун чIезе, батIа кIанцIун чIезе

ОБОСОБЛЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **обосо́бить**) батIа гьаби, тIезаби **2.** (*по гл.* **обосо́биться**) батIалъи, тIей

ОБОСО́БЛЕННО *нареч.* батIаго, батIа тIун; **жить ~** батIаго (батIа тIун) гIумру гьабизе

ОБОСО́БЛЕННОСТЬ *ж* батIаго чIей, батIалъи, тIей

ОБОСО́БЛЕНН//ЫЙ, -ая, -ое 1) батIалъараб, хасаб, тIураб, батIаго чIараб; **жить ~ой жи́знью** батIа тIураб гIумру гьабизе 2) *грам.* батIалъизабураб; **~ый второстепе́нный член предложе́ния** предложениялъул батIалъизабураб бетIараб гуреб член

ОБОСО́БЛЯ́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **обосо́бить(ся)**

ОБОСТРЕ́НИЕ *с* 1) (*по гл.* **обостри́ть**) бегIерлъизаби, дугъдазаби, хIалуцинаби 2) (*по гл.* **обостри́ться**) бегIерлъи, дугъдай, хIалуцин

ОБОСТРЁНН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*усилившийся*) кутаклъараб, цIикIкIараб; **~ое зре́ние** цIикIкIараб берзул канлъи 2) (*напряжённый*) хIалуцараб; **~ые отноше́ния** хIалуцарал гьоркьорлъаби

ОБОСТРИ́ ТЬ *сов. что* 1) (*сделать восприимчивее*) цIикIкIинабизе, кутаклъизабизе; **~ зре́ние** берзул канлъи цIикIкIинабизе 2) (*сделать более сильным*) дагьабги гучлъизабизе; **~ боль** унти дагьабги цIикIкIинабизе 3) (*сделать напряженным*) хIалуцинабизе; **~ отноше́ния** гьоркьорлъаби дагьалги хIалуцинаризе

ОБОСТРИ́//ТЬСЯ *сов.* 1) (*стать восприимчивее*): **зре́ние ~лось** берзул канлъи цIикIкIана 2) (*стать более напряженным*) цIикIкIун хIалуцине, бигъине; **отноше́ния ~лись** гьоркьорлъаби дагьалги хIалуцана 3) (*стать более сильным*) дагьабги цIикIкIине, бегIерлъизе; **туберкулёз ~лся** гьуърузул унти (туберкулёз) дагьабги цIикIкIана

ОБОСТРЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **обостри́ ть(ся)**

ОБО́ЧИН//А *ж* нухлул рагIал, хьибил; **е́хать ~ой** нухлул рагIалдасан бачине (*машина*)

ОБОШЁЛ(СЯ), обошлá(сь), обошлó(сь), обошли́ (сь) *прош. от* **обойти́ (сь)**

ОБОЮ́ДН//ЫЙ, -ая, -ое кIиябго рахъ релълъараб, кIиябго рахъалъе гIахьалаб; **по ~ому согла́сию** кIиязулго разилъиялда-лъун

ОБОЮДОО́СТРЫЙ, -ая, ое кIиябго рахъалдасан рекIараб, бегIераб, кIибалаб; **~ меч** кIибалаб хвалчен (кIалден)

ОБРАБА́ТЫВАТЬ *несов. см.* **обрабо́тать**

ОБРАБА́ТЫВАЮЩ//ИЙ, -ая, -ее къайи гьабулеб; **~ая промы́шленность** гIатIгояб материалалдасан къайи гьабулеб промышленность

ОБРАБО́ТАТЬ *сов.* 1) *что* тIад хIалтIи гьабизе, лъугьинабизе, къачIазе; **~ зе́млю** ракь бегизе; **~ ко́жу** тIом, цIоко лъугьинабизе; **~ ра́ну** ругъун къачIазе, бацIцIад гьабизе 2) *кого перен. разг. (склонить к чему-л.)* жиндирго рахъалде цIаялъул мурадалда *лъилгунниги* хIалтIи гьабизе

ОБРАБО́ТК//А *ж* (*по гл.* **обрабо́тать**) тIад хIалтIи гьаби, лъугьинаби, къачIай *ва гь. ц.*; **~а статисти́ ческих да́нных** статистикиял баянал къачIай, *гьел* мухIкан гьари 2) бегьулеб куцалде ккезаби ◊ **брать (взять)** *кого-либо* **в ~у** *щивниги* асар гьабун *сунденги* гьетIизавизе, вуссинавизе

ОБРА́ДОВАТЬ *сов. кого* вохизавизе

ОБРА́ДОВАТЬСЯ *сов. кому-чему и без доп.* вохизе; **~ от встре́чи** дандчIваялдаса вохизе

О́БРАЗ I *м* (*мн.* **о́бразы**) 1) (*облик*) куц, куц-мухъ, сипат ◊ **потеря́ ть челове́ческий** ~ чилъи хвезе, гIодовегIанлъизе 2) *лит, иск. (изображение)* сипат-сурат; **поэ́т мы́слит ~ами** поэтас (шагIирас) пикру гьабула сипатаздалъун 3) (*способ*) къагIида, куц; **~ де́йствия** иш гьабулеб къагIида; **~ жи́ зни** гIумру гьабулеб куц ◊ **гла́вным ~ом** аслияб куцалъ, бищунго цIакъ

О́БРАЗ[2] *м* (*мн.* **образа́**) икона (икъона)

ОБРАЗ//ЕЦ *м в разн. знач.* мисал, тайпа; **тка́ни но́вых ~цо́в** цIиял тайпабазул ххамал; **~е́ц трудово́го геро́изма** захIматалъул(аб) бахIарчилъиялъул мисал; **по ~цу́** *кого-л. лъилниги* мисалалда рекъон; **маши́на нове́йшего ~ца́** цIияб тайпаялъул машина; щибниги жо гьабизе, бичун босизе мисалалъе бихьизабулеб предмет

О́БРАЗНО *нареч.* сипат-сурат гьабун; **говори́ть ~** сипат-сурат гьабун, кIалъазе, гаргадизе

О́БРАЗНОСТЬ *ж* сипат-сурат (букIин)

О́БРАЗН//ЫЙ, -ая, -ое сипат-сурат гьабураб, бугеб; берцинаб, гвангъараб; **~ое выраже́ние** сипат-сураталъулаб (сипат-сурат бугеб), сипатияб калам, рагIи

ОБРАЗОВА́НИЕ[1] *с* **1.** (*по гл.* **образова́ть**[1]) лъугьинаби, гIуцIи **2.** (*по гл.* **образова́ться**) лъугьин 3) (*то, что образовалось, создалось в результате какого-л. процесса*) тIабигIаталда лъугьараб жо; **го́рные ~я** мугIрузда ккарал хиса-басиязул (ишазул) кьучIалда бижараб жо

ОБРАЗОВА́НИЕ[2] *с* 1) лъай, цIала-къали; **вы́ сшее ~** тIадегIанаб лъай 2) (*обучение*) лъай кьей, цIализари; **дать ~** *кому-л. лъиениги* лъай кьезе; **специа́льное ~** хасаб лъай

ОБРАЗО́ВАННОСТЬ *ж* лъай буголъи, лъай букIин

ОБРАЗО́ВАННЫЙ, -ая, -ое лъай бугев; **~ челове́к** лъай бугев чи

ОБРАЗОВА́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое **1.** лъай кьеялда, лъай босиялда бухьараб **2.** *щибниги* гьабиялъе, гIуцIиялъе, лъугьинаЛъе хIажалъулеб ◊ **~ ценз** *кинал рукIаниги* ихтиярал щвеялъе къваригIунеб лъаялъул даража

ОБРАЗОВА́ТЬ[1] *сов. и в наст. вр. несов. что* лъугьинабизе, гIуцIизе, гьабизе; **~ но́вое сло́во** цIияб рагIи лъугьинабизе; **~ коми́ссию** комиссия гIуцIизе; **доро́га образу́ет полукру́г** нухалъ бащдаб гор лъугьинабулеб буго (нух, бащдаб гор гьабун, унеб буго)

ОБРАЗОВА́ТЬ[2] *сов. кого уст. (обучить, просветить*) *лъиениги* тарбия, лъай кьезе

ОБРАЗ//ОВА́ТЬСЯ *сов. и несов.* лъугьине, гIуцIизе; **~у́ется но́вое спорти́ вное о́бщество** гIуцIулеб буго цIияб спортивияб общество

ОБРАЗО́ВЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **образова́ть(ся)**

ОБРАЗУ́МИТЬ *сов. кого* рекIеда ватизавизе, гIакълуялде вачIинавизе, цIодорлъизавизе, лума гьавизе; **~ шалуна́** гогьма рекIеда ватизавизе

ОБРАЗУ́ МИ//ТЬСЯ *сов.* рекIеде, гIакълуялде вачIине, цIодорлъизе, гIакъиллъизе; **он с во́зрастом ~лся** дов сонал рахъанагIан гIодове вуссана, рекIеде вачIана, цIодорлъана

ОБРАЗЦО́В//ЫЙ, -ая, -ое мисалияб, цогидазеги мисалияб, мисаллъун букIине бегьулеб, лъикIаб, тIокIаб; **~ое хозя́йство** мисалияб магIишат

ОБРА́ЗЧИК *м* 1) мисал; тайпа; **~ но́вой тка́ни** цIияб тайпаялъул ххамил кесек 2) *перен. (пример) сундулниги* мисал

ОБРАМИ́ ТЬ *сов. что (вставить в раму)* рамаялъуб лъезе; **~ портре́т** сурат (портрет) рамаялъуб лъезе; *щибниги* сверун ккквезе

ОБРАМЛЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **обрами́ ть**) рамаялъуб лъей; сверун рамка гьаби, рамаялъубе бачин

ОБРАМЛЯ́ //ТЬ *несов. что* 1) *см.* **обрамить** 2) (*окаймлять*) сверун ккквезе (*масала, чалу ва гь. ц.*); **го́лову ~ли вью́ щиеся во́лосы** ботIрода сверун гьарщун букIана кIургIараб кар

ОБРАСТА́ТЬ *несов. см.* **обрасти́**

ОБРАСТИ́ *сов. чем* 1) бижизе, расуца бацизе, бахине; кисакибего бижизе; **~ бородо́й** мегеж бахине; магжица бацизе 2) *перен. сунцаниги* кIодо гьабизе; **городá обросли́ посёлками** шагьарал поселоказ кIодо гьарун руго

ОБРА́Т *м* нах бахъараб рахь (*сепараторалъ биччараб рахь*)

ОБРАТИ́ МОСТЬ *ж* байбихьулаб, тIоцебесеб хIалалде тIадбуссине кIвей; **~ хими́ ческих реа́кций** химиялъул реакциязул авалияб хIалалде рачIунеб къагIида; **~ валю́ты** *эк.* гIарцул жиндир авалияб къиматалде буссине кIолеб хасият

ОБРАТИ́ М//ЫЙ, -ая, -ое байбихьулаб хIалалде нахъбуссунеб; **~ая плёнка** цIидасан пайда босизе бегьулеб фото-кино плёнка

ОБРАТИ́ ТЬ *сов.* 1) *что (направить на кого-что*) буссинабизе, балагьизабизе; **~ ору́дие на непри́теля** гIарада тушманасдехун балагьиабизе; 2) *кого (убедив, склонить к чему-л.*) *сунденги* вуссинавизе; вачине; **~ на путь и́стины** битIараб нухде вачине 3) *кого-что (придать иной вид*) сверизабизе, буссинабизе; **~ во́ду в пар** лъим хIухьладе сверизабизе; **~ иму́щество в де́ньги** къайи, буголъи гIарцуде буссинабизе; **~ де́ло в шу́тку** иш махсараялде сверизабизе

ОБРАТИ́ТЬСЯ *сов.* 1) *к кому-чему (повернуться) лъидехунниги-сундехунниги* вуссине 2) *куда, к кому (направиться)* ине; **~ к врачу́** тохтирасухъе ине 3) *во что (превратиться)* хисизе, сверизе 4) *лъидехунниги* хитIаб гьабизе; **~ ко всем прису́тствующим** киналго рачIаразде хитIаб гьабизе

ОБРА́ТНО *нареч. (назад)* нахъе; нахъехун; **поверну́ть ~** нахъбуссинабизе; **биле́т туда́ и ~** добеги нахъеги (кIиябго рахъалде) бугеб билет

ОБРА́ТН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*направленный назад*) нахъехун балагьараб; нахъруссунеб; **~ый путь** нахъруссунеб нух 2) (*оборотный*) нахъисеб, добцояб, дандеяб рахъ; **~ая сторона́** нахъисеб рахъ; **~ая сторона́ Луны** МоцIрол нахъисеб рахъ 3) (*противоположный*) гIаксаб; дандбитIараб; **~ый смысл** гIаксаб магIна 4) *мат.* цояб цIикIкIинабиялъ цогидаб дагь гьабулеб яги гьелъун гIаксалда кколеб

ОБРАЩА́ТЬ *несов. см.* **обрати́ ть**

ОБРАЩА́//ТЬСЯ *несов.* 1) *см.* **обрати́ ться** 2) *с кем-чем щивгунниги* кIалъазе, гьоркьоблъи букIине; **хорошо́ ~ться с подчинёнными** кверщаликь ругелгун берцинго кIалъазе, лъикI вукIине 3) *с чем* хIалтIизабизе лъазе; **уме́ть ~ться с ору́жием** ярагъ хIалтIизабизе лъазе; **осторо́жно ~ться с прибо́рами** прибор цIодорго хIалтIизаризе 4) (*двигаться*) хьвадизе, ине; **кровь ~ется по кровено́сным сосу́дам** би хьвадула бидурихьаздасан 5) (*быть в обороте*) хIалтIулеб, сверулеб букIине

ОБРАЩЕ́НИЕ *с* 1) (*по гл.* **обрати́ ть**) буссинаби, хьвадизаби 2) (*по гл.* **обрати́ ться**) буссин, хьвади; хитIаб 3) *эк. (оборот)* свери, хьвади; **~ де́нег** гIарцул хьвади 4) (*призыв*) ахIи, хитIаб; **~ к наро́ду** халкъалде бараб ахIи 5) *грам.* хитIаб; **вы́ делить ~ запяты́ ми** (*предложениялда*) хитIаб запятаз батIа гьабизе (тIезабизе)

ОБРЕ́З *м* 1) (*кромка*) къотIараб рагIал, мицIир; **кни́га с золоты́м ~ом** меседил (кьераб) мицIир бугеб тIехь 2) (*винтовка*) къокъ гьабун, хIара, хъундагъ къотIараб туманкI ◊ **в ~** тIоклъи гьечIого, роцада; **у меня́ вре́мени в ~** дир цIараб заман гурони гьечIо (дагьаб заман гурони гьечIо)

ОБРЕ́ЗАНИЕ *с рел.* сунат гьаби

ОБРЕЗА́НИЕ *с* (*по гл.* **обреза́ть**) къотIи, къотIун къокъ ялъуни гьитIин гьаби

ОБРЕ́ЗАТЬ *сов.* 1) *что (поранить*) къотIизе, ругъун лъезе; **~ па́лец** килищ къотIизе 2) *что (укоротить)* къокъ гьабизе, къотIун рехизе, кIуризе; **~ но́гти** малъал къунцIизе 3) *что (удалить)* нахъе гьабизе; **~ мя́со с косте́й** рукьбуздаса гьан нахъе гьабизе 4) *кого перен. разг. (резко оборвать)* хъачIго калам къотIизабизе ◊ **~ кры́лья** *кому-л. лъиениги* жиндирго бажари бихьизабизе тунгутIизе; квалквал гьабизе

ОБРЕЗА́ТЬ *несов. см.* **обре́зать**

ОБРЕ́ЗАТЬСЯ *сов.* жинхъаго къотIизе; **~ оско́лком стекла́** цIорол кесекалъ жинхъаго *щибниги* къотIизе

ОБРЕЗА́ТЬСЯ *несов. см.* **обре́заться**

ОБРЕ́З//ОК *м* кесек, къинцI (*къотIун хутIараб кесек*); **~ки бума́ги** кагътил кескал; **~ок тка́ни** ххамил кесек

ОБРЕКА́ТЬ *несов. см.* **обре́чь**

ОБРЕМЕНИ́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое санагIалъи гьечIеб, захIматаб, гIемер лазатбахъи, квалквал гьабулеб; **~ое поруче́ние** санагIалъи гьечIеб, квалквалаб тIадкъай

ОБРЕМЕНИ́ТЬ *сов. кого-что* бакIлъизабизе, захIмалъизабизе, лазатбахъи гьабизе; *~ кого-л.* **поруче́ниями** тIадкъаяздалъун *лъиениги* лазатбахъи гьабизе

ОБРЕМЕНЯ́ ТЬ *несов. см.* **обремени́ ть**

ОБРЕСТИ́ *сов. кого-что* букIинабизе, батизабизе, чIезабизе; щвезе; **~ ве́рных друзе́й** ритIухъал гьудулзаби ратизе; **~ поко́й** парахалъи щвезе

ОБРЕТА́ТЬ *несов. см.* **обрести́**

ОБРЕЧЁННОСТ//Ь *ж* захIматаб, хвалилаб къисмат цебе букIин; **чу́вство ~и** захIматаб, хвалилаб къисмат цебе букIин бичIчIи (хIалалъ бицин)

ОБРЕЧЁННЫЙ, -ая, -ое захIматаб къисмат, хвел цебе бугев; **у него́ ~ вид** досул хвалил кьер чIвараб сурат буго; **~ на ги́бель вид** кватIичIого хвезе вугев чиясул куц (буго)

ОБРЕ́ЧЬ *сов. кого-что на что* квешаб хIалалде ккезабизе; **~ врага́ на ги́ бель** тушман хвалде, хвалилаб хIалалде ккезавизе

ОБРИСОВА́ТЬ *сов.* 1) *что (очертить)* сверун мухь, хIучч цIазе, бачине; **~ ко́нтуры черни́ лами** *сундулниги сураталда* сверун щакъиялъ мухъал рачун, бахъизе 2) *кого-что перен. (охарактеризовать)* сипат гьабун бицине; **~ своё положе́ние** жиндир бугеб хIалалъул хIакъалъулъ сипат гьабун бицине

ОБРИСОВА́//ТЬСЯ *сов.* 1) (*стать видимым*) бихьулеблъун лъугьине, сурат цебе чIезе; **вдали́ ~лись го́ры** рикIкIада ругел мугIрузул сурат цебе чIана 2) *перен. (выявиться)* мухIканаблъун, баянаблъун лъугьине; мухIканлъизе, баянлъизе; **ситуа́ция ~лась** ахIвал-хIал баянлъана

ОБРИСО́ВЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **обрисова́ть(ся)**

ОБРИ́ ТЬ *сов. что* кIкIвазе; **~ го́лову** бетIер кIкIвазе

ОБРИ́ ТЬСЯ *сов.* кIкIвазе, (*жиндирго*) михъ-мегеж кIкIвазе

ОБРО́К *м ист.* оброк (*помещикас векьарухъанасдаса ракIарулел рукIарал росдал магIишатальул продуктаби яги гIарац*), магъало, ясахъ

ОБРОНИ́ТЬ *сов. что разг. (потерять)* гIодобе бортун тIагIине, билизе; бортизе биччазе; ~ **ключ** гIодобе бортун, кIул билизе; ~ **сло́во** ракIалдаго гьечIого рагIи абизе, рагIи борчIун ине

ОБРО́ЧНЫЙ, -ая, -ое *ист.* оброк кьолев яги бакIарулев; ~ **крестья́нин** оброк (ясахъ) тIадав векьарухъан; магъало тIад лъун кьолеб

ОБРУБА́ТЬ *несов. см.* **обруби́ ть**

ОБРУБИ́ ТЬ *сов. что* 1) (*укоротить*) къотIизе, къокъ гьабизе; ~ **жердь** гIер тIаса къотIизе; ~ **су́чья** гIаркъалаби кIуризе 2) (*подшить края*) кьегI чIвазе (гьабизе); ~ **носово́й плато́к** квербацIцIалда кьегI чIвазе (гьабизе), мицIир букъизе

ОБРУ́ БОК *м* чIалудал (чIалул), гIералъул къотIараб кесек; ~ **де́рева** гъотIол къотIараб кесек; ~ **хвоста́** рачIалъул къотIун хутIараб бутIа (къотIун хутIараб рачI, къотIараб рач1), хъандарачI

ОБРУГА́ТЬ *сов. кого-что* квешал рагIаби абизе, семизе, хьандезе; *лъилниги-сундулниги хIакъалъулъ* квешаб рагIи абизе; ~ **дурако́м** гIабдал, ахIмакъилан семизе

ОБРУСЕ́ВШИЙ, -ая, -ее гIуруслъарав, гIурусавлъун лъугьарав (*мацIалдалъун, гIамалалдалъун, гIадатаздалъун*)

ОБРУСЕ́ТЬ *сов.* гIуруслъизе, гIурусавлъун лъугьине (*мацIалдалъун, гIадатаздалъун*)

О́БРУЧ *м* гор; *чирмакъолода тIамулеб* маххул, цIулал гор; **наби́ ть ~и на бо́чку** чирмакъолода горал тIамизе

ОБРУЧА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое магьаридул, магьариялда хурхараб; **~ое кольцо́** магьаридул баргъич (*магьари лъолаго, рукIинесел рос-лъадиялъ цоцазда хколел баргъичал*)

ОБРУЧА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **обручи́ ть(ся)**

ОБРУЧЕ́НИЕ *с* магьари лъей; бахIарасдаги бахIаралдаги баргьичал ххей (*магьари лъолаго*)

ОБРУЧИ́ ТЬ *сов. кого с кем* магьари лъезе

ОБРУЧИ́ ТЬСЯ *сов. с кем* магьари лъун цолъизе

ОБРУ́ ШИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **обру́шить(ся)**

ОБРУ́ ШИТЬ *сов.* 1) *что (развалить)* биххизабизе, тIатIала ккезабизе; ~ **сте́ну** кьед биххизабизе 2) *на кого-что перен.* тIаде бачIине, базе; ~ **бо́мбовый груз на врага́** киналго бомбаби тушманасда тIаде разе; 3) (*курпа гьабулаго*) могьодаса хъал бахъизе

ОБРУ́ШИ//ТЬСЯ *сов.* 1) (*обвалиться*) тIатIала ккезе, кIалагъоркье речIчIизе 2) *на кого-что перен. (накинуться) лъиденигн* тIаделъизе 3) *на кого-что перен. (о несчастье, заботах*) **на него́ ~лись все забо́ты о больно́м** досда тIаде ккана (тIаде бегана) унтарасул кинабго тIалаб-агъаз гьаби

ОБРЫ́ В *м* **1.** (*по гл.* **оборва́ть**) тIей **2.** (*по гл.* **оборва́ться**) батIалъи, тIун ин **3.** (*место разрыва*) тIураб бакI **4.** (*крутой откос*) хъитI, тIун араб бакI, тIаса гъоркье балагъараб лабаллъи

ОБРЫВА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **оборва́ть(ся)**

ОБРЫ́ ВИСТ//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*крутой*) лабалаб; **~ый бе́рег** лабалаб рагIал 2) (*несвязный – о речи и т.п.*) тIутIураб, бухьен гьечIеб *(калам*); **~ые фра́зы** каламалъул бухьен гьечIел кескал

ОБРЫ́ В//ОК *м* 1) кесек, бутIа; **~ки бума́ги** кагътил кескал; **~ки воспомина́ний** ракIалдещвеязул бутIаби (лахIзатал)

ОБРЫ́ ВОЧН//ЫЙ, -ая, -ое лъугIичIел, цоцазда рухьинчIел бутIабаздасан гIуцIараб; **~ые слова́** цоцазда рухьинчIел рагIаби

ОБРЫ́ ЗГАТЬ *сов. кого-что* тIирагъинабизе, тIираби щвезаризе; ~ **водо́й** лъел тIираби щвезаризе, рахъинаризе

ОБРЫ́ ЗГА//ТЬСЯ *сов.* тIирагъине, тIираби щвезе; **он весь ~лся гря́зью** дов тIуванго хIарщуца вацана (хIарщул тIирабаз вацана)

ОБРЫ́ ЗГИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **обры́ згать(ся)**

ОБРЮ́ ЗГЛ//ЫЙ, -ая, -ое унтиялъ вицалъарав, гьоморав, бечIараб дал-даларав тIомалъул; **~ое лицо́** гьорораб гьумер; **~ые щёки** дал-даларал кIаркьаби

ОБРЮ́ЗГНУТЬ *сов.* унтун вицалъизе, гьорозе, тIом бечIан дал-дализе

ОБРЮ́ ЗГШ//ИЙ, -ая, -ее понцIораб; гьарт-гьартараб; **челове́к с ~им лицо́м** понцIораб гьумералъул чи

ОБРЯ́ Д *м* гIадат; **религио́зные ~ы** диниял гIадатал; **сва́дебный** ~ бертадул гIадат

ОБРЯ́ДОВ//ЫЙ, -ая, -ое гIадаталъул(аб); **~ые пе́сни** гIадаталъулал, гIадаталда рухьарал, хурхарал кучIдул

ОБСАДИ́ ТЬ *сов. что чем сунданиги* сверун гъутIби, тIугьдул, хурдул чIезе; гъезе; ~ **дом дере́вьями** рукъалда сверун гъутI-би чIезе

ОБСА́ЖИВАТЬ *несов. см.* **обсади́ ть**

ОБСА́СЫВАТЬ *несов. см.* **обсоса́ть**

ОБСА́ХАРИВАТЬ *несов. см.* **обса́харить**

ОБСА́ХАРИТЬ *сов. что разг.* чакаралъул хъал гьабизе, тIаде чакар щвазе

ОБСЕМЕНЕ́НИЕ *с* 1) *с.-х.* хьон хьай; хьон ракьулъе гъин 2) *бот.* хьон бай, хьон лъугьин

ОБСЕМЕНИ́ТЬ *сов. что с.-х.* хьон хьазе; хьон ракьулъе гъине

ОБСЕМЕНЯ́ ТЬ *несов. см.* **обсемени́ ть**

ОБСЕРВАТО́РИЯ *ж* обсерватория (*астрономиялъул, метеорологиялъул ва гь. ц. халгьабиязе хасаб куцалъ къачIараб мина ва гьел халгьабиял жинца тIоритIулеб гIелмияб идара*)

ОБСКАКА́ТЬ *сов.кого-что* 1) (*кругом*) сверун рекеризе; ~ **дом** *сунданиги рекIун (масала, чода*), мина сверун ине 2) (*обогнать*) нахъа тезе; ~ **всех вса́дников** киналго рекIарал нахъа тезе 3) чуязда рекIун, гIемерал бакIазде щвезе

ОБСЛЕ́ДОВАНИЕ *с* цIех-рех; цIех-рех гьаби; ~ **шко́лы** школалъул цIех-рех гьаби; **медици́нское** ~ медицинаялъулаб цIех-рех гьаби

ОБСЛЕ́ДОВАТЕЛЬ *м* цIех-рех гьабулев чи

ОБСЛЕ́ДОВАТЬ *сов. и несов. кого-что* цIех-рех гьабизе; ~ **рабо́ту шко́лы** школалъул хIалтIул цIех-рех гьабизе; ~ **больно́го** унтарасул цIех-рех гьабизе, хал гьабизе

ОБСЛУ́ ЖИВАНИЕ *с* (*по гл.* **обслу́живать**) *лъилниги* хIажалъи, къваригIел тIубай; *лъиениги-сундуениги* хъулухъ гьаби

ОБСЛУ́ ЖИВАТЬ *несов.* 1) *кого-что* хIажалъи, къваригIел тIубазе 2) *что* хъулухъ гьабизе; ~ **одновреме́нно не́сколько станко́в** цого заманалда чанго станокалъе хъулухъ гьабизе, чанго станок цадахъ хIалтIизабизе

ОБСЛУ́ ЖИВАЮЩИЙ, -ая, -ое хъулухъ гьабулев; ~ **персона́л** хъулухъ гьабулел гIадамал (чагIи)

ОБСЛУЖИ́ ТЬ *сов. см.* **обслу́живать**

ОБСОСА́ТЬ *сов. что* 1) кисанго, кинабго рахъалъ цIункIизе 2) *перен. прост.* лъикIаб хIалалъ, гьорлъе раккун, цIех-рех гьабизе

ОБСО́Х//НУТЬ *сов.* бакъвазе; **пла́тье ~ло** гурде бакъван буго ◊ **у него́ молоко́ на губа́х не ~ло** дов жеги кинидаго вуго, жеги гьитIинго вуго

ОБСТА́В//ИТЬ *сов.* 1) *кого-что чем (наставить вокруг) щибниги* сверун лъун, сокIкIун берцин гьабизе, къачIазе; **~ить трибу́ну цвета́ми** трибуна, тIугьдул лъун, къачIазе, берцин гьабизе 2) *что (меблировать*) лъезе; **~ить кварти́ру** квартираялда мебель лъезе 3) *кого разг. (обмануть)* махсараде ккезе 4) *кого-что разг. (обогнать)* нахъа тезе, *лъидасаниги* бергьине; **в э́ том де́ле он тебя́ ~ил** гьеб ишалъулъ дос мун нахъа тана (дов дудаса бергьана)

ОБСТАВЛЯ́ ТЬ *несов. см.* **обста́вить**

ОБСТАНО́ВК//А *ж* 1) (*мебель*) къайи-цIа, рокъоб бугеб мебель 2) (*положение*) хIал, ахIвал-хIал, шартIал; **междунаро́дная ~а** халкъазда гьоркьосеб хIал; **в ми́рной ~е** ракьлилаб ахIвал-хIалалда; **в семе́йной ~е** хъизан-рукъалъул шартIазда

ОБСТОЯ́ТЕЛЬНО *нареч.* 1) (*подробно*) мухIканго; ~ **рассказа́ть** мухIканго бицине 2) *разг. (надежно)* щулаго, камилго; **сде́лать** *что-л.* ~ *цибниги* щулаго, рагIа-ракьанде щун гьабизе

ОБСТОЯ́ ТЕЛЬНОСТЬ *ж* 1) (*подробность*) рагIа-ракьанде щвей, мухIканлъи, камиллъи; ~ **докла́да** докладалъул рагIа-ракьанде щвей 2) *разг. (рассудительность*) пикру, хIисаб гьаби

ОБСТОЯ́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое 1) (*подробный*) мухIканаб, рагIа-ракьанде щвараб; ~ **отве́т** рагIа-ракьанде щвараб жаваб 2) *разг. (рассудительный*) пикру, хIисаб гьабулеб; ~ **челове́к** сундулго хIисаб, пикру гьабулев чи

ОБСТОЯ́ ТЕЛЬСТВЕНН//ЫЙ, -ая, -ое *грам.* хIалалъул бакIалда хIалтIизабулеб, хIалалъулаб; **~ое прида́точное предложе́ние** хIаллъун тIаджубараб предложение

ОБСТОЯ́ТЕЛЬСТВ//О *с* 1) (*факт*) хIужжа, ахIвал-хIал; шартI; **отягча́ющие (вину́) ~а** *юр.* гIайиб цIикIкIинарулел хIужжаби; **смягча́ющие (вину́) ~а** гIайиб бигьалъизарулел хIужжаби;

сле́дует учёсть и э́ то ~о гьеб шартIги хIисабалде босизе ккола 2) *мн.* **~а** (*условия*) ахIвал-хIал, шартIал; **при любы́х ~ах** бокьарал шартIазда; **~а измени́лись** ахIвал-хIал хисана; **в тру́дных ~ах** захIматал шартIазда 3) *грам.* хIал; **~о о́браза де́йствия** ишалъул куцлъун бугеб хIал; **~о ме́ста** бакIлъун бугеб хIал

ОБСТО//Я́ ТЬ *несов.* : **всё ~и́ т благополу́чно** кинабго лъикI буго; **вот так ~и́ т де́ло** гьеле гьедин буго иш

ОБСТРА́ИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **обстро́ить(ся)**

ОБСТРЕ́Л *м* цо бакIалде гIарада бай, кьвагьи лъей; **попа́сть под ~** кутакаб кьвагьдеялда гъоркье ккезе; *воен.* гIарада балеб бакI ◊ **брать под ~** кьварараб критика гьабизе

ОБСТРЕ́ЛИВАТЬ *несов. см.* **обстреля́ ть**

ОБСТРЕ́ЛЯННЫЙ, -ая, -ое рагъда вукIарав, рагъул ахIвалхIалалде ругьунлъарав; **~ солда́т** рагъда вукIарав, ххарил махI лъарав рагъухъан (солдат)

ОБСТРЕЛЯ́ТЬ *сов.* 1) *кого-что лъиданиги* речIчIизе; кьвагьдезе; **~ проти́ вника** тушманасда речIчIизе; 2) *что (испытать в стрельбе*) кьвагьдон, кьвагьун хIал бихьизе

ОБСТРИ́ ЧЬ(СЯ) *сов. см.* **остри́ чь(ся)**

ОБСТРОГА́ТЬ *сов. что* сургу базе; **~ до́ску** хъарщиялда сургу базе, бахъизе (тIамизе)

ОБСТРО́ИТЬ *сов. что разг.* сверун минаби разе; **~ пло́щадь но́выми зда́ниями** майданалда сверун цIиял минаби разе

ОБСТРО́ИТЬСЯ *сов. разг.* 1) (*выстроить для себя*) жиндиего жанив чIезе мина, магIишатиял бакIал разе 2) (*застроиться*) рукъзабаз цIезабизе, цIиял минабаз кквезе

ОБСТРУ́ КЦИ//Я *ж* ургъунго хвезаби (*къеркьеялъул цо къагIида: ахIдеялдалъун, хIажатал гурел халатал кIалъаял гьариялдалъун парламенталъул данделъи хвезаби*); **устро́ить** *кому-л.* **~ю** *лъиениги* иш нухда бачиналъе квалквал гьабизе

ОБСТУПА́ТЬ *несов. см.* **обступи́ ть**

ОБСТУПИ́ //ТЬ *сов. кого-что лъиданиги-сунданиги* сверухъ чIезе; **де́ти ~ли учи́ теля** лъимал учителасда сверухъ ракIарана

ОБСУДИ́ ТЬ *сов. что* гьоркьоб лъезе (*хал гьабизе, пикру бицине, къимат кьезе*)

ОБСУЖДА́ТЬ *несов. см.* **обсуди́ ть**

ОБСУЖДЕ́НИ//Е *с* (*по гл.* **обсуди́ть**) гьоркьоб лъей; **~е но́вой кни́ги** цIияб тIехь гьоркьоб лъей; **предме́т ~я** гьоркьоб лъолеб жо (суал); **предста́вить** *что-л.* **на ~е** *щибниги* гьоркьоб лъезе кьезе

ОБСУ́ ШИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **обсуши́ ть(ся)**

ОБСУШИ́ ТЬ *сов. что* бакъвазабизе; **~ мо́крую оде́жду** биччараб ретIел бакъвазабизе (*тIасан, сверухъе*)

ОБСУШИ́ ТЬСЯ *сов. живго* вакъвазавизе, жиндирго ретIел бакъвазабизе; **~ у костра́** цIадухъ живго вакъвазавизе

ОБСЧИТА́//ТЬ *сов.* 1) *кого-что* ургъунго мекъса хIисаб гьабун, камун кьезе (*гIарац*), нахъе гIарац дагьаб, камун кьезе; **его́ ~ли на рубль** досие гъурщил хIарам гьабун буго (гъурущ камизабун буго) 2) *сундулниги* хIисаб гьабизе (рикIкIине)

ОБСЧИТА́ТЬСЯ *сов.* хIисабалъулъ мекъса ккезе, мекъса рикIкIине; **~ на два рубля́** кIиго гъурущалъ мекъса ккезе

ОБСЧИ́ ТЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **обсчита́ть(ся)**

ОБСЫ́ ПАТЬ *сов. кого-что чем* тIаде щвазе, тIаде базе; **~ торт са́харом** торталда тIаде чакар щвазе

ОБСЫПА́ТЬ *несов. см.* **обсы́ пать**

ОБСЫХА́ТЬ *несов. см.* **обсо́хнуть**

ОБТА́ЧИВАТЬ *несов. см.* **обточи́ ть**

ОБТА́//ЯТЬ *сов.* тIаса, рагIаллъабаздаса биине; **ступе́ньки ~яли** болъабаздаса (*цIер, гIазу*) биун буго

ОБТЕКА́ЕМ//ЫЙ, -ая, -ое 1) *тех.* гьаваялъ кIванагIан дагь дандечIей гьабулеб; **~ая фо́рма** гьава тIасан чвахун унеб, гьаваялъ дандечIей гьабулареб форма 2) *перен. разг.* батIи-батIияса бичIчIизе бегьулеб; чIван къотIараб жаваб гьечIеб; **~ый отве́т** батIи-батIияса бичIчIизе бегьулеб, бичIчIизе рес бугеб жаваб

ОБТЕКА́ТЬ *несов. см.* **обте́чь**

ОБТЕРЕ́ТЬ *сов. кого-что (вытереть)* бацIцIун бакъвазабизе; **~ лоб платко́м** квербацIцIалъ бацIцIун, нодо бакъвазабизе; лъулъазе; хIулизабизе (*гIемер ретIун*)

ОБТЕРЕ́ТЬСЯ *сов.* 1) (*растереться*) лъулъан черх бацIцIине; **~ полоте́нцем** полотенцаялъ лъулъан черх бацIцIине 2) *разг. (износиться)* гIемер лъулъан, ярагъунареб хIалалде ккезе; хIулизе; **рукава́ ку́ртки обтёрлись** гIемер лъулъан курткаялъул къвалал хIул-хIулун руго 3) *перен. разг. (освоиться*) ахIвал-хIалалде, гIадатазде ругьунлъизе

ОБТЕСА́ТЬ *сов.* 1) *что* буцIун битIа-бишизабизе; **~ бревно́** чIалу буцIун битIа-бишизабизе 2) *кого перен. разг. (сделать культурнее)* культурияб рукIа-рахъиналда, гIамал-хасияталда ругьун гьавизе

ОБТЕСА́ТЬСЯ *сов. (сделаться культурнее)* культурияб рукIа-рахъиналда, гIамал-хасияталда, хьвада-чIвадиялда ру-гьунлъизе

ОБТЁСЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **обтеса́ть(ся)**

ОБТЕ́ЧЬ *сов. что, вокруг чего* 1) сверун чвахизе; **вода́ обтекла́ скалу́** лъим кьурда сверун чвахана 2) *перен. (обойти, минуя что-л.) щибниги* гьоркьоб тун ине

ОБТИРА́НИЕ *с* 1) (*по гл.* **обтира́ть**) биччараб жоялъ лъулъан, бацIцIин 2) (*по гл.* **обтира́ться**) (живго) биччараб жоялъ лъулъан, вацIцIин; **~ холо́дной водо́й** цIорораб лъеца черх бацIцIин 3) (*растирание*) (*полотенцаялъ*) багIарлъизегIан черх лъулъай

ОБТИРА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **обтере́ть(ся)**

ОБТО́ЧИ ТЬ *сов. что* чархида кквезе; харатIалъ *цо кинаб бугониги* формаялде бачине (харатIалъ биччазе)

ОБТО́ЧКА *ж* чархида кквей; харатIалъ бахъи

ОБТРЁПАННЫЙ, -ая, -ое гIемер хIалтIизабиялъ цIакъго басралъараб, хохораб, тIутIу-хъухъураб; **~ подо́л пла́тья** руччабазул гурдил хохораб гIинщ, квенчIел

ОБТРЕПА́ТЬ *сов. что* гIемер хIалтIизабиялъ ярагъунареб хIалалде ккезабизе; **~ брю́ ки** гIемер ретIун тIажу басралъизабизе

ОБТРЕПА́ТЬСЯ *сов.* басралъизе, тIутIузе, хохозе, хIул-хIулизе

ОБТЯ́ ГИВАТЬ *несов.* 1) *см.* **обтяну́ть** 2) (*прилегать – об одежде*) тIад къазабизе, цIазабун ретIине (*гьитIинаб ретIел черхалда*)

ОБТЯ́ ЖК//А *ж* 1) (*по гл.* **обтяну́ть**) (цIазабун) тIад кквей 2) (*материал, покрытие*) *сунданиги* тIад ккураб, цIараб жо; **дива́н с ко́жаной ~ой** лакай тIад ккураб диван; **пла́тье в ~у** тIад дугъдараб, къараб гурде

ОБТЯНУ́ ТЬ *сов. что чем* тIаде цIазе, тIад кквезе; **~ кре́сло ко́жей** креслоялда тIад лакай кквезе

ОБУВА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **обу́ть(ся)**

ОБУВН//О́Й, -ая, -ое хьитазул; **~о́й магази́ н** хьитазул тукен; **~а́я промы́шленность** хьитал гьарулеб (хьитазул) промышленность

О́БУВ//Ь *ж* хьитал; хIатIидажал **дома́шняя ~ь** рокъор ретIунел хьитал; **ко́жаная ~ь** лакайдул хьитал; **рези́новая ~ь** резиналъул хьитал; **почи́ нка ~и** хьитал къачIай

ОБУ́ ГЛИВАНИЕ *с* 1) (*по гл.* **обугли́ть**) *сундулниги* рагIаллъаби, тIурччи лъугьун, рухIи 2) (*по гл.* **обугли́ться**) тIурччи гIадин лъугьин

ОБУ́ГЛИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **обу́глить(ся)**

ОБУ́ ГЛИТЬ *сов. что* рагIаллъаби, тIурччи гIадин лъугьун, рухIизе; тIурччи лъугьинабизе; **~ поле́но** хъвалхьен бухIун тIурччи лъугьинабизе

ОБУ́ ГЛИ//ТЬСЯ *сов.* тIурччи лъугьине; **дрова́ ~лись** цIулал тIурччи лъугьун буго, тIурччи лъугьун бухIун буго

ОБУ́ З//А *ж* лазат бахъараб, квалквалаб, рокьукъаб борч, тIадкъай; **быть ~ой** *для кого-л. лъиениги* лазатбахъи гьабулев чилъун (бакIаб гьирлъун) вукIине

ОБУЗДА́ТЬ *сов.* 1) *кого (надеть узду*) чIолорхъо базе; чангит, квелъ базе 2) *кого-что перен.* жиндиего мутIигI гьабизе, квегъизе; **он не смог ~ себя́** гъосда живго квегъизе кIвечIо; **~ свои́ стра́сти** жиндирго шавкъалда чангит базе

ОБУ́ЗДЫВАТЬ *несов. см.* **обузда́ть**

ОБУ́ЗИТЬ *сов. что* кколелдаса, хIажаталдаса чIедер, къварид гьабизе; **~ рукава́** къвалал кколелдаса къварид гьаризе

ОБУРЕВА́//ТЬ *несов. кого-что (о мыслях, чувствах)* кверде восизе (*пикрабазул, рекIел асаразул хIакъалъулъ*); **его́ ~ют сомне́ния** дов щакдариялъ кверде восулев вуго; **его́ ~ли мра́чные мы́сли** дов квешал пикрабаз квегъулев вукIана (рахIат толеб букIинчIо)

ОБУСЛА́ВЛИВАТЬ *несов. см.* **обусло́вить**

ОБУСЛО́ВИ//ТЬ *сов. что* 1) (*поставить условием*) шартIлъун лъезе, чIезабизе; **~ть** *чем-л.* **своё уча́стие в рабо́те** живго хIалтIулъ гIахьаллъиялъе *щибниги* шартIлъун гьабизе 2) (*послужить причиной*) гIиллалъун букIине; **планоме́рный труд ~л успе́х де́ла** ишалъул бергьенлъиялъе гIиллалъун букIана планалда рекъон гьабураб хIалтIи

ОБУСЛО́ВЛИВАТЬ *несов. см.* **обусло́вить**

ОБУ́ ТЬ *сов.* 1) *кого-что* хьитал ретIине (*лъиданиги*); **~ ребёнка** лъимада хьитал ретIине; **он был обу́т в сапоги́** гьосда чакмаби ретIун рукIана 2) *разг. (обеспечить обувью)* хьитазда-лъун хьезаризе; **всех на́до бы́ ло ~** киналго хьитаздалъун хьезаризе кколаан

ОБУ́ТЬСЯ *сов.* хьитал ретIине (*жидедаго*); **~ в ва́ленки** валенкаби ретIине

О́БУХ *м* мугъаб рахъ (*гIощтIол, носол*) ◊ **как ~ом по голове́** гIощтIогьод гIадалъ кьабураб гIадаб жо ккана (хIал лъугьана)

ОБУЧА́ТЬ *несов. см.* **обучи́ть**; **~ ремеслу́** махщелалъе (махщалие) куцазе, ругьун гьаризе

ОБУЧА́//ТЬСЯ *несов.* 1) *см.* **обучи́ться**; **где он ~лся му́зыке?** музыкаялъе гъов кив ругьунлъарав? 2) (*проходить курс*) цIализе; **~ться в вое́нном учи́лище** рагъулаб училищеялда цIализе, лъай щвезе

ОБУЧЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **обучи́ ть**) цIализари, лъай кьей; **беспла́тное ~** мухь босичIого, чIорого цIализари **2.** (*по гл.* **обучи́ться**) ругьунлъи, лъазаби

ОБУЧИ́ТЬ *сов. кого чему и с неопр. лъиениги кинаб букIаниги* лъай кьезе, *сундуениги* ругьун гьаризе, цIализаризе; **~ ру́сскому языку́** гIурус мацI малъизе; **~ игре́ в ша́хматы** шахматал хIазе ругьун гьаризе

ОБУЧИ́ ТЬСЯ *сов. чему и с неопр.* ругьунлъизе, лъазе; **~ письму́** хъвадаризе лъазе; **~ ремеслу́** махщалие ругьунлъизе

ОБУЯ́ //ТЬ *несов. кого-что* нахъчIвазе кIолареб къуваталъ кверде восизе; **меня́ ~л страх** дун хIинкъиялъ кверде восана

ОБХА́ЖИВАТЬ *несов. кого-что разг. щибниги щвезелъун, цо* мурадалда *(лъиениги)* хIелхIедизе, рази гьавизе, тIалаб-агъаз гьабизе

ОБХВА́Т *м* 1) (*по гл.* **обхвати́ть**) къвал бан жанибе бачин 2) (*мера*) гъулач (*цояб квералъул килщазул тIогьиса цогидаб квералъул килщазул тIогьибе щвезегIан халалъи бугеб свери*); **дуб в три ~а** бицалъиялда лъабго гъулач бугеб миккигъветI

ОБХВАТИ́ ТЬ *сов. кого-что* къвалаз жанибе бачине, къвалал ран, кквезе; **~ де́рево** гъветI къвалаз жанибе бачине (гъотIода къвал базе)

ОБХВА́ТЫВАТЬ *несов. см.* **обхвати́ ть**

ОБХО́Д *м* 1) (*по гл.* **обойти́**) *сунданиги* сверун ин, тIад свери; тушманасул тылалде флангаздасан (хьибилалдасан) жанире лъугьин; хьолбохъан ин; *щибниги* гьоркьоб тун, ин; кивего, лъихъего щвей; лъидасаниги, сундасаниги хехго ун, цеве ккей; *разг.* махсараде кквей, гукки 2) *щибниги* гьоркоб тун, ине бегьулеб нух 3) *воен.* сверункквей; **угро́за ~а** сверункквеялъул хIинкъи ◊ **в обхо́д:** 1) *кругом, стороной обходя, минуя что-л.* сверун, хьолбохъан *щибниги* гьоркьоб тун, (*ине*) 2) *уклоняясь от соблюдения, исполнения чего-л. щибниги* цIуниялдаса, тIубаялдаса кьурун, аслияб нух тун 3) сверун ккун; хьибилалдасан рачIун

ОБХОДИ́ТЕЛЬНОСТЬ *ж* адаб, хIурмат-хъатир, гIаданлъи буголъи (букIин)

ОБХОДИ́ ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое адаб-хIурмат бугев; **~ челове́к** хIеренав, хIурмат-хъатир гьабизе лъалев чи

ОБХОДИ́ТЬ[1] *несов. см.* **обойти́ ; ~ сторона́й** цояб рахъалдасан, сверун ине

ОБХОДИ́ ТЬ[2] *сов. что* кивего щвезе, киназухъего ваккизе; **~ весь го́род** тIолабго шагьар тиризе; **~ всех знако́мых** киналго лъале-хъвалезухъе щвезе

ОБХОДИ́ ТЬСЯ *несов. см.* **обойти́ сь**

ОБХО́ДН//ЫЙ, -ая, -ое 1) *воен.* тушманасда сверун унеб, гьабулеб, лъугьунеб; **~ый мане́вр** сихIирго гьабулеб маневр 2) гьоркьоб толеб; **~ый путь, ~ая доро́га** (аслияб гуреб) сверун унеб нух ◊ **~о́й лист** обходной лист (*хIалтIудаса нахъе яги отпускаялъ унелъул, налъи гьечIилан гъолбасал гьарулеб документ, кагъат*)

ОБХО́ДЧИК *м* обходчик (*хал гьабизе, кин бугояли балагьизе кивениги щолев хIалтIухъан*); **путево́й ~** нухазул обходчик (тIад сверулев хIалтIухъан)

ОБХОЖДЕ́НИЕ *с* цогидазулгун гьоркьоблъи, хьвада-чIвади, калам гьабулеб куц; **ве́жливое ~** *с кем-л. лъилгунниги* хIурматияб гьоркьоблъи, адаб бугеб хьвада-чIвади

ОБЧЁ́СТЬСЯ *сов. разг.* рикIкIунаго мекъи ккезе, мекъи рикIкIине ◊ **раз–два и обчёлся** цIакъ дагь гурони гьечIо, рикIкIинегIанасел жалцин гьечIо

ОБЧИ́СТИТЬ *сов. разг.* 1) *что (сделать чистым) щибниги* бацIцIад гьабизе (*хIурудаса, чороклъиялдаса ва гь.ц.*) 2) *что (снять верхний слой, кожицу*) хъал бахъизе; **~ я́блоко** гIечул хъал бахъизе; чехъезе 3) *кого-что перен. (обобрать, обокрасть*) би-къизе, вацIцIад гьавизе (*цIогьабаз*)

ОБЧИ́СТИТЬСЯ *сов. живго* вацIцIад гьавизе; *жиндирго* ретIел-кун хIурудаса, чороклъиялдаса *ва гь. ц.* бацIцIад гьабизе

ОБЧИЩА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **обчи́ стить(ся)**

ОБША́РИВАТЬ *несов. см.* **обша́рить**

ОБША́РИТЬ *сов. что разг.* киса-кирего раккизе, квашизе, хъирщизе; **~ всю ко́мнату** тIолабго рукъ хъирщизе, кивего ваккизе

ОБШИВА́ТЬ *несов. см.* **обши́ ть**

ОБШИ́ВКА *ж* 1) (*по гл.* **обши́ть**) тIад, рагIалдасан сверун кквей, букъи 2) (*то, чем обшито*): **меховáя ~ воротникá** тахта, сверун тахта ккураб (тахтаялъ берцин гьабураб) воротник (габур); **~ из тесьмы́** чалуялъ къачIай, чIолоялъ берцин гьаби 3) тIасан кьабураб махх, хъарщи *ва гь.ц.*

ОБШИ́ РНОСТЬ *ж* 1) гIатIилъи; **~ колхо́зных поле́й** колхозалъул хурзабазул гIатIилъи 2) *перен.* гIемерлъи, гъварилъи, кIодолъи; **~ позна́ний** лъаялъул кIодолъи (гъварилъи)

ОБШИ́ РН//ЫЙ, -ая, -ое 1) гIатIидаб; **~ая пло́щадь** гIатIидаб майдан 2) *перен.* гIемераб, кIудияб, чIахIияб, гъваридаб; **~ые пла́ны** чIахIиял планал

ОБШИ́ ТЬ *сов.* 1) *что* рагIалдасан, сверун букъизе; кисанго тIад кквезе (*кругом*); **~ посы́ лку холсто́м** посылкаялда тIад хIебет кквезе 2) чем (*обить досками, железом и т.п.)* тIасан (тIад) хъарщи *ва гь. ц.* кьабизе; **~ дом те́сом** рукъалда тIасан хъарщи кьабизе 3) *разг.* хIажатабщинаб букъизе (*лъиениги*); **~ всю семью́** тIолабго хъизамалъе хIажатабщинаб букъизе

ОБШЛА́Г *м* къвалалъул (къвалзул) тIадехун чIвазабулеб бутIа, къвалзул мачIал

ОБЩА́ТЬСЯ *несов. с кем лъилгунниги* гьоркьоблъи, бухьен букIине; дандчIвазе; **~ с друзья́ми** гьудулзабигун гьорлъ росун, тIаде-гьоркье рачIун рукIине

ОБЩЕВОЙСКОВО́Й, -ая, -ое аскаралъего гIаммаб, тIолабго аскаралъе гIахьалаб, аскаразул киналго тайпабазе цогояб

ОБЩЕГОРОДСК//О́Й, -ая, -ое шагьаралъего гIаммаб, шагьарго гIахьаллъулеб, тIолго шагьаралъулаб; **~а́я учи́ тельская конфере́нция** учительзабазул тIолго шагьаралъулаб конференция

ОБЩЕГОСУДА́РСТВЕНН//ЫЙ, -ая, -ое тIолабго пачалихъалъе цогояб, гIахьалаб; **~ое де́ло** тIолабго пачалихъалъе гIаммаб иш

ОБЩЕДОСТУ́ ПН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*доступный по цене*) учузаб, киназдаго босизе кIолеб; **~ые це́ны** учузал, киназулго рес гIолел (рекъолел) багьаби 2) лъидаго бичIчIулеб, бичIчIизе бигьааяб; **~ая ле́кция** лъидаго бичIчIулеб лекция

ОБЩЕЖИ́ ТИ//Е *с* 1) (*жилище*) общежитие, гIахьалаб рукъ; **студе́нческое ~е** студентазул общежитие 2) (*общественный быт*) гIахьалаб рукIа-рахъин; **поведе́ние, недопусти́ мое в ~и** общежитиялда рекъолареб, букIине бегьуларе хьвада-чIвади; **пра́вила ~я** гIаммаб рукIа-рахъиналъул правилаби (къагIидаби)

ОБЩЕЗАВОДСК//О́Й, -ая, -ое тIолабго заводалъе гIаммаб, заводалъего гIахьалаб; **~о́е собра́ние** тIолабго заводалъе гIахьалаб собрание

ОБЩЕИЗВЕ́СТНЫЙ, -ая, -ое киназдаго лъалеб, киназего машгъураб; **~ факт** киназдаго лъалеб лъугьа-бахъин, хIужжа

ОБЩЕНАРО́ДН//ЫЙ, -ая, -ое халкъалъего гIаммаб, гIахьалаб; **~ое де́ло** тIолго халкъалъулаб иш; **~ый пра́здник** тIолабго

халкъалъул байрам; **~ое де́ло** тIолго халкъалъулаб иш, тIолабго халкъалъе гIахьалаб иш

ОБЩЕНАЦИОНА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое миллаталъего гIаммаб, гIахьалаб; **~ое достоя́ние** миллаталъего гIахьалаб мулк, бечелъи

ОБЩЕ́НИЕ *с* цоцазулгун гьоркьоблъи, ишалъулаб, гьудуллъиялъулаб бухьен; **те́сное ~** щулияб гьоркьоблъи, бухьен

ОБЩЕОБРАЗОВА́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое гIаммаб лъаялъулаб; **~ая шко́ла** гIаммаб лъай кьолеб школа

ОБЩЕПОЛЕ́ЗНЫЙ, -ая, -ое киназего пайдаяб; **~ труд** киназего пайдаяб захIмат (хIалтIи)

ОБЩЕПОНЯ́ТНЫЙ, -ая, -ое киназдаго бичIчIулеб

ОБЩЕПРИ́ЗНАННЫЙ, -ая, -ое киналго мукIураб, киназго ритIухъ гьабураб, уяблъун рикIкIараб; **~ факт** тIад кIалъазе бакI гьечIеб хIужжа

ОБЩЕПРИ́НЯТЫЙ, -ая, -ое кибго билъулъараб, гIадатлъун лъугьараб, киназго къабул гьабураб; **~ поря́док** киназго къабул гьабураб низам

ОБЩЕРАСПРОСТРАНЁНН//ЫЙ, -ая, -ое кибго, киса-кибего тIибитIараб; **~ое мне́ние** кибго тIибитIараб пикру

ОБЩЕРЕСПУБЛИКА́НСКИЙ, -ая, -ое тIолго республикаялъулаб; **~ смотр худо́жественной самоде́ятельности** тIолго республикаялъулаб художествияб хIаракатчилъиялъул халгьаби

ОБЩЕРОССИ́ЙСК//ИЙ, -ая, -ое тIолго россиялъулаб; **~ое совеща́ние** тIолго россиялъулаб совещание; **~ие министе́рства** тIолго россиялъулал министерстваби; **предприя́тия ~ого значе́ния** тIолабго Россияльe кIвар бугел предприятиял (*фабрикал, заводал*)

ОБЩЕ́СТВЕННИК *м* общественник, жамгIиял ишазулъ жигараб гIахьалъи гьабулев чи, жамагIатчи

ОБЩЕ́СТВЕННИЦА *ж* общественница, жамагIатчIужу

ОБЩЕ́СТВЕННО-ПОЛИТИ́ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое жамгIиябгун политикияб; **~ая де́ятельность** жамгIиябгун политикияб хIаракатчилъи

ОБЩЕ́СТВЕННОСТЬ *ж собир.* 1) общественность (*обществоялъул, халкъалъул цебетIураб бутIа*); **нау́чная ~** гIелмияб общественность 2) (*общественные организации*) жамгIиял гIуцIаби; **~ завóда** заводалъул жамгIиял гIуцIаби

ОБЩЕ́СТВЕННО-ЭКОНОМИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое жамгIиябгун экономикияб; **~ строй** жамгIиябгун экономикияб гIуцIи

ОБЩЕ́СТВЕНН//ЫЙ, -ая, -ое 1) жамгIияб, жамагIаталъулаб; халкъияб; гIаммаб; общественнияб; **~ый стро́й** жамгIияб гIуцIи; **~ые нау́ки** общественниял гIелмаби; **~ый долг** жамгIияб борч, гIаммаб борч; **~ые интере́сы** жамгIиял мурадал, гIаммал мурадал; **~ое мне́ние** жамагIаталъул пикру, гIаммаб пикру; **~ый де́ятель** общественнияв хIаракатчи; **~ые организа́ции** жамгIиял гIуцIаби; **~ая рабо́та** общественнияб хIалтIи 2) (*принадлежащий обществу*) обществоялъулаб, гIаммаб; **~ая со́бственность** обществоялъулаб бетIергьанлъи; **~ое иму́щество** обществоялъул (гIаммаб) мал-мулк; **~ый тра́нспорт** обществоялъулаб транспорт; **~ый поря́док** общественнияб низам; **~ый сад** гIаммаб ах 3) (*любящий общество, компанию*) общество, жамагIат, компания бокьулев; **он челове́к ~ый** дов жамагIаталъул чи вуго

О́БЩЕСТВ//О *с* 1) *общество* (*рукIа-рахъиналъул гIаммал тарихиял шартIаз данде гьарурал гIадамазул цолъи*); **первобы́тное ~о** байбихьулаб рукIа-рахъиналъулаб общество; **кла́ссовое ~о** классал ругеб, классияб общество; **социалисти́ческое ~о** социалистияб общество 2) (*объединение*) цолъи́ ; **спорти́вное ~о** спортивияб, спорталъул цолъи; **~о худо́жников** художниказул цолъи́ ; **студе́нческое нау́чное ~о** студентазул гIелмияб цолъи 3) (*среда, компания*) цадахъ заман инабулезул къокъа, компания; **попа́л в дурно́е ~о** гIантаб агьлуялда гьоркьове ккун вуго; **душа́ ~а** къокъадул бетIер 4) (*общественный круг*) гIахьалал мурадаз, масъалабаз цолъизарурал гIадамазул къокъа

ОБЩЕСТВОВЕ́ДЕНИЕ *с* обществоведение (обществоялъул хIакъалъулъ бугеб гIелму)

ОБЩЕУПОТРЕБИ́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое киназго пайда босулеб, киназго хIалтIизабулеб

ОБЩЕУСТАНО́ВЛЕННЫЙ, -ая, -ое киназего чIезабураб; гIадатлъун билъулъараб, киназго къабул гьабураб

ОБЩЕЧЕЛОВЕ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое киналго гIадамазе, тIолабго инсаниятлъе хасиятаб, тIолалго гIадамазда хъинтIулеб

О́БЩ//ИЙ, -ая, -ее 1) (*охватывающий всех, все*) киназего, сундуего гIаммаб, гIахьалаб; **~ее мне́ние** киназулго пикру; **с ~его согла́сия** киназулго разилъиялдалъун; **привле́чь ~ее внима́ние** киназулго пикру, кIвар буссинабизе; **~ие недоста́тки** гIаммал, киназего хасиятал гIунгутIаби; **~ее собра́ние** гIаммаб собрание, данделъи 2) (*совместный с другими*) цадахъаб, гIахьалаб; **~ие интере́сы** цадахъал, цогоял мурадал; **~ая рабо́та** цадахъаб хIалтIи; **де́лать ~ее де́ло** цадахъаб, гIахьалаб иш гьабизе; **~ими си́-лами** цадахъал (киназулго) къуватаздалъун 3) (*совокупный*) гIаммаб; **~ий ито́г** гIаммаб хIасил; **в ~ей сло́жности** цадахъго, гIаммаб куцалъ 4) (*касающийся основ чего-л.*): **~ие вопро́сы нау́ки** гIелмуялда хъинтIулел суалал 5) *мат.* гIаммаб; **~ий знамена́тель** гIаммаб знаменатель ◊ **в ~ем и це́лом** гIиси-бикъинаб жоялъул бицинчIого; **найти́** *с кем-л.* **~ий язы́к** тIубанго цоцазда ричIчIизе; **не име́ть ничего́ ~его** *с чем-л. сундехуниги* щибго гьоркьоблъи букIунгутIизе; **~ие фра́зы** чIорогоял жугьаби, ргIаби

ОБЩИПА́ТЬ *сов. кого-что* хIулизе, бетIизе; **~ гу́ся** хъаз хIулизе

ОБЩИ́ПЫВАТЬ *несов. см.* **общипа́ть**

ОБЩИ́ТЕЛЬНОСТЬ *ж* хехго цогидалгун гьорлъ роси, гIамал рекъей

ОБЩИ́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое хехго цогидалгун гьорлъ восулев, гIамал рекъолев; **~ челове́к** хехго цогидазулгун гIамал рекъолев чи

О́БЩНОСТЬ *ж* гIамлъи, цоцада бухьин, дандеккей, батIалъунгутIи; **~ интере́сов** цого мурадал рукIин

ОБЪ- *приставка* "**о**"-ялъул бакIалда **я, ю, е, ё** – хIарпазда цебе хъвала, *мас.*: **объявле́ние** лъазаби; **объе́хать всю страну́** тIолабго улкаялде щвезе

ОБЪЕДА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **объе́сть(ся)**

ОБЪЕДЕ́НИЕ *с* 1) (*неумеренность в пище*) гIемер кванай, кванаялъулъ низам гьечIолъи 2) *разг. (о чем-л. необыкновенно вкусном*) цIакъ тIагIамаб квен

ОБЪЕДИНЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **объедини́ть**) цолъизаби **2.** (*по гл.* **объедини́ться**) цолъи; **~ ме́лких колхо́зов** гIисинал колхозазул цолъи **3.** (*организация*) цолъи, союз; **литерату́рное ~** литературияб цолъи

ОБЪЕДИНЁНН//ЫЙ, -ая, -ое цолъараб, цадахъаб; **~ое заседа́ние** цадахъаб данделъи

ОБЪЕДИНИ́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое цолъизарулеб, цолъизариялъул; **~ съезд** цолъизариялъул съезд

ОБЪЕДИНИ́ТЬ *сов. кого-что* 1) (*соединить*) цолъизабизе; **~ небольши́е колхо́зы** гIисинал колхозал цолъизаризе 2) (*сплотить*) гъункизаризе; **~ си́лы ми́ра** ракълилал къуватал гъункизаризе

ОБЪЕДИНИ́ //ТЬСЯ *сов.* 1) (*соединиться*) цолъизе; **сосе́дние колхо́зы ~лись** мадугьалихъ ругел колхозал цолъана 2) (*сплотиться*) гъункизе

ОБЪЕДИНЯ́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **объедини́ть(ся)**

ОБЪЕ́ДКИ *мн.* (*ед.* **объе́док** *м*) кванил хутIел; **бро́сить ~ соба́кам** кванил хутIел гьабзазе рехизе

ОБЪЕ́ЗД *м* 1) (*по гл.* **объезжа́ть**) тIад сверун ин; **~ вокру́г го́рода за́нял два часа́** шагьаралда тIад сверун иналъе кIиго сагIат къваригIана 2) (*кружной путь*) сверун бугеб нух; **но́вый ~** цIияб сверун бугеб нух

ОБЪЕ́ЗДИТЬ *сов.* 1) *кого* квегъизе; **~ ло́шадь** чу квегъизе 2) *кого-что (объехать)* сверун ине; **~ весь го́род** тIолабго шагьар сверун ине

ОБЪЕ́ЗДЧИК *м* 1) (*сторож*) хъаравул; **леснóй ~** рохьил хъаравул 2) (*лошадей*) чуял квегъулев чи

ОБЪЕЗЖА́ТЬ[1] *несов. см.* **объе́хать**

ОБЪЕЗЖА́ТЬ[2] *несов. см.* **объе́здить**

ОБЪЕ́ЗЖЕНН//ЫЙ, -ая, -ое квегъараб; **~ая ло́шадь** квегъараб чу

ОБЪЕ́КТ *м* 1) *филос.* объект *(нилъеда, нилъер пикруялда бачIого бугеб къватIисеб дуниял, хIакъикъат)* 2) (*явление, предмет*) нилъер кIвар жинде буссарав чи, лъугьа-бахъин, щибниги жо; **~ иссле́дования** нилъеца лъазабулеб лъугьа-бахъин; **стать ~ом напа́док** тушмасул гьужумал жинде буссараб бакIлъун лъугьине 3) (*сооружение*) балеб бакI; **оборо́нный ~** оборонаялъе ба-

леб бакI; **строи́ тельный** ~ балеб бакI 4) *грам.* предложениялъул бетIераб член – битIараб дополнение

ОБЪЕКТИ́ В *м* объектив; ~ **фотоаппара́та** фотоаппараталъул объектив (*цо бутIа*); ~ **микроско́па** микроскопалъул объектив

ОБЪЕКТИВИ́ ЗМ *м* 1) *филос.* объективизм (*нилъер пикруялда бачIого, хIакъикъияб куцалъ жибго жиндаго чIараб хIисабалда щибниги дунялда букIин*) 2) *см.* **объекти́ вность**

ОБЪЕКТИ́ВНО *нареч.* 1) хIакъикъатго, нилъер пикруялда бачIого; ~ **существу́ющий мир** нилъеда бачIого бугеб дуниял 2) (*беспристрастно*) битIахъе, добе-гьанибе цIачIого, цебеккун хIисабалде босараб пикру гьечIого

ОБЪЕКТИ́ВНОСТЬ *ж* 1) хIакъикъияб куцалъ, гIадамасул пикруялда бачIого букIин; ~ **и́ стина** хIакъикъаталъул ритIухълъи; ~ **зако́нов приро́ды** тIабигIаталъул законазул, гIадлу-низамалъул ритIухълъи 2) (*беспристрастность*) лъилниги рахъ ккквечIого, цониги рахъалде гьетIичIого букIин

ОБЪЕКТИ́ ВН//ЫЙ, -ая, -ое 1) *филос.* гIадамасул пикруялда бачIого жиб бугеб; **~ый мир** хIакъикъияб дуниял 2) (*беспристрастный*) лъилниги рахъалде гьетIичIеб, лъиданиги бачIеб; **~ый свиде́тель** витIарав, добе-гьанибе цIай гьечIев нугI

ОБЪЁМ *м* объем (*сундулниги халалъиги, борхалъиги, гIеблъиги хIисабалде босун, батулеб кубическияб роцен*); ~ **зда́ния** минаялъул объем; ~ (*геометрического*) **те́ла** (*геометриялъул*) фигураялъул объем 2) *перен. (размеры)* къадар; ~ **рабо́ты** хIалтIул къадар (кIодолъи – гьитIинлъи)

ОБЪЁМИСТ//ЫЙ, -ая, -ое кIудияб объем, роцен бугеб; **~ая ру́копись** кIудияб рукопись (*квералъ хъвараб асар*)

ОБЪЁМН//ЫЙ, -ая, -ое жиндир объем бугеб, кIудияб; **~ый ана́лиз** *хим.* кIудияб анализ; **~ое изображе́ние** предметалъул халалъи, гIеблъи, борхалъи бихьуледухъ бахъараб сурат

ОБЪЕ́//СТЬ *сов.* 1) *кого-что (обгрызть, обглодать*) *щибниги* сверун, тIаса кваназе; **гу́сеницы ~ли листву́** хIапараялъ кванан буго тIамах 2) *кого разг. (съев много, причинить ущерб кому-л.*) гIемер кванан, *лъиениги* зарар гьабизе 3) кислотаялъ, кьавуялъ кваназе

ОБЪЕ́СТЬСЯ *сов.* гIемер кваназе, цIикIкIун кваназе; ~ **сла́дким** гьуинлъи цIикIкIун кваназе, гьуинлъиялъ чохьодаса ине

ОБЪЕ́ХАТЬ *сов. кого-что* 1) (*проехать стороной*) цояб рахъалдасан ине; ~ **боло́то** хьуцIил цояб рахъалдасан ине 2) (*обогнать*) нахъа тезе; ~ **маши́ну** машина нахъа тезе 3) (*побывать во многих местах*) киса-кивего щвезе; 4) *прост.* гуккизе, хIилла гьабизе

ОБЪЯВИ́ ТЬ *сов.* 1) *что (довести до общего сведения*) киназдаго лъазабизе; ~ **о нача́ле заня́ тий** занятиял (дарсал) байбихьанилан киназд\даго лъазабизе 2) ~ **войну́** рагъ лъазабизе

ОБЪЯВИ́ //ТЬСЯ *сов. разг.* вачIине, лъазе, тIатине, загьир-лъизе; **~лся неизве́стный челове́к** цо лъаларев чи вачIана; кверде ине; живго щивлъунниги, кинавлъунниги (щивали) лъазавизе

ОБЪЯВЛЕ́НИ//Е *с* 1) (*по гл.* **объяви́ть**) лъазаби, игIлан 2) (*сообщение*) баян кьей, бицин; **пове́сить ~е** лъазаби чIвазе; **доска́ ~й** лъазабиязул хъарщи; **дать ~е в газе́ту** лъазаби газеталде кьезе

ОБЪЯВЛЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **объяви́ ть(ся)**

ОБЪЯСНЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **объясни́ть**) бичIчIизаби, баян гьаби; ~ **уро́ка** дарс бичIчIизаби **2.** (*по гл.* **объясни́ ться**) баянлъи, якъинлъи **3.** (*то, что разъясняет*) жиб баян гьабулеб, жиндир хIакъалъулъ бицунеб жо ◊ **дать пи́сьменное** ~ кагътида хъвараб баян кьезе; ~ **в любви́** рокьи ккун букIиналъе мукIурлъи, рокьи ккун бугилан бичIчIизаби

ОБЪЯСНИ́ М//ЫЙ, -ая, -ое баян гьабизе кIолеб; **тру́дно ~ое жела́ние** захIматго баян гьабизе, бичIчIизабизе кIолеб къасд, мурад

ОБЪЯСНИ́ ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое баяналъулаб; **~ая запи́ска** баяналъулаб (баян кьураб) кагъат

ОБЪЯСНИ́ТЬ *сов. что* баян гьабизе, бичIчIизабизе; ~ **зада́ние** тIадкъай баян гьабизе; **как ~ его́ поведе́ние** гъосул хьвада-чIвади кин бичIчIизабилеб?

ОБЪЯСНИ́//ТЬСЯ *сов.* 1) (*выяснить отношения*) гьоркьорлъаби мухIкан гьаризе 2) (*стать понятным*) баянлъизе; **всё ~лось** кинабго баянлъана; **~ться в любви́** рокьи ккун букIиналъе мукIурлъизе

ОБЪЯСНЯ́ ТЬ(СЯ) *несов.* 1) *см.* **объясни́ ть(ся)** 2) (*вести беседу*) хабар-кIалалда рукIине; ~ **по-ава́рски** авар мацIалда кIалъалел рукIине; ~ **зна́ками** ишарабаздалъун бицине, бичIчIизабизе 3) (*становиться понятным*) баянаблъун лъугьине; **э́то объясня́лось отсу́тствием у него́ о́пыта** гьелъие гIилла букIана гьосул хIалбихьи гьечIолъи

ОБЪЯ́ ТИ//Е *с* къвал бай; **заключи́ ть ребёнка в ~я** лъимада къвал базе, каранде къазе; **бро́ситься в чьи-л. ~я** *лъилниги* къвалакье вортизе; **откры́ ть (или раскры́ ть) ~я** щивниги каранде къазе, кверал гIебеде ритIизе; ◊ **приня́ ть (или встрети́ ть) с распростёртыми ~ями** рохалида, разиго щивниги къабул гьавизе

ОБЪЯ́ //ТЬ *сов. кого-что* 1) (*понять, представить*) бичIчIи-зе, цебе чIезабизе 2) *перен.* (*охватить*) тIубан бацизе; **дом ~т огнём** мина цIадуца тIубанго бацун буго, минаялда цIадуца къвал бан буго, тIолабго минаялда цIа рекIун буго

ОБЫГРА́ТЬ ***сов.*** **1)** ***кого*** **(*в игре*)** ***лъидасаниги*** **бергьине, тIалъи босизе;** ~ в ша́хматы **шахматал хIан** ***лъидасаниги*** **бергьине 2)** ***что (музыкальный инструмент)*** **хъван хIал бихьизе, рекъезабизе;** ~ скри́ пку **чагъанаялъул хъван хIал бихьизе, рекъезабизе**

О́БЫСК *м* чIухь; **произвести́** ~ чIухь базе

ОБЫСКА́ТЬ *сов.* 1) *кого-что* (*сделать обыск*) *лъихъниги* чIухь базе; *щибниги* балагьизе 2) *что. разг.* (*осмотреть*) хал гьабизе, бугищали хал гьабизе; ~ **все уголки́** киса-кибего хал гьабизе

ОБЫ́ СКИВАТЬ *несов. см.* **обыска́ть**

ОБЫ́ЧА//Й *м* гIадат, балъ; **по ру́сскому ~ю** гIурус гIадаталда; **сва́дьба по ме́стному ~ю** бакIалъул гIадаталда рекъон гьабулеб бертин

ОБЫ́ЧНО *нареч.* 1) гIадатаб куцалъ 2) гIемерисеб мехалъ, кидаго гIадин

ОБЫ́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*постоянный, привычный*) кидаго гIадаб, ругьунаб, чIараб; **в ~ом поря́ дке** ругьунаб куцалъ 2) (*ничем не примечательный*) сунцаго батIа бахъулареб, гIадатаб; **са́мый ~ый дом** бищунго гIадатияб мина

ОБЮРОКРА́ТИТЬСЯ *сов. разг.* бюрократлъун вахъине, лъугьине

ОБЯ́ ЗАННОСТ//Ь *ж* борч, тIадаб иш; **вмени́ ть в ~ь** *кому-л. лъиданиги щибниги* тIадаблъун гьабизе; **исполня́ ть ~и дире́ктора** директорасда тIадал ишал тIуразе

ОБЯ́ ЗАННЫЙ, -ая, -ое 1) *щибниги* жинда тIадав, жиндир борчлъун кколев; **он обя́зан испра́вить свои́ оши́бки** дос жиндирго гъалатIал ритIизаризе ккола, гьесда жиндирго гъалатIал ритIизаризе тIадаб буго 2) *кому-чему чем щибниги* сабаблъун *лъиениги* налъулавлъун кколев; **я ему́ обя́ зан жи́ знью** дун досие гIумруялдалъун (гIумруялъе гIоло) налъулав вуго

ОБЯЗА́ТЕЛЬНО *нареч.* тIадаб куцалъ, щиб кканиги, чара гьечIого, рес гьечIого; **сего́дня он ~ придёт** жакъа дов чара гьечIого вачIине вуго; **ва́ше прису́тствие** ~ рес гьечIо, мун дова вукIине ккола (нуж дора рукIине ккола)

, -ая, -ое 1) тIадаб, кидаго букIине кколеб, чара гьечIеб; **~ое обуче́ние** тIадаб цIали; **~ая во́инская обя́ занность** тIадаб рагъулаб борч 2) (*готовый помочь*) кумек гьабизе хIадурав; **~ый челове́к** кумек гьабизе хIадурав чи

ОБЯЗА́ТЕЛЬСТВО *с* 1) чара гьечIого, кьуричIого тIубазабизе кколеб къотIи, тIадебоси; **взять социалисти́ ческое** ~ социалистияб тIадебоси гьабизе 2) *экон. (денежный заемный документ*) гIарцул къарзалъулаб документ

ОБЯЗА́//ТЬ *сов.* 1) *кого-что лъиданиги щибниги* тIадаблъун гьабизе; **его́ ~ли яви́ ться в срок** гъосда бихьизабураб заманалда вачIине тIадаблъун гьабуна 2) *кого (вызвать чувство признательности) лъилъниги* баркалаялъулаб асар лъугьинабизе

ОБЯЗА́ТЬСЯ *сов.* жиндего тIаде босизе, тIадаблъун лъугьине; ~ **досро́чно вы́ полнить рабо́ту** заман щвелалде хIалтIи тIубазабизе тIаде босизе

ОБЯ́ ЗЫВА//ТЬ *несов.* 1) *см.* **обяза́ть** 2) *кого к чему (налагать обязательства*) тIадаблъун гьабизе; **э́то меня́ ни к чему́ не ~ет** гьелъ дида щибниги тIадаблъун гьабуларо; **э́ то вас ~ет рабо́тать лу́чше** гьелъ дуда дагьавги лъикI хIалтIизе тIадаблъун гьабула

ОБЯ́ ЗЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **обяза́ть(ся)**

ОВА́Л *м* хоноккараб, назукккараб гургинлъи; **краси́вый ~ лица́** гьурмал берцинаб хоноккараб гургинлъи; гьурмал берцинаб гургинлъи

ОВА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое ханил гIадаб свери бугеб; **стол ~ой фо́рмы** хоноккараб, назукалъул гIадаб халатккараб свериялъул (формаялъул) стол

ОВДОВЕ́ТЬ *сов.* къороллъизе

ОВЕВА́ТЬ *несов. см.* **ове́ять**

ОВЁС *м* неха (ниха)

ОВЕ́Ц *род., вин. п. мн. от* **овца́**

ОВЕ́Ч//ИЙ, -ья, -ье гИия́ л; **~ий сыр** гIиял хIан; **~ья шерсть** гIиял квас; чахъдал гIадинаб

ОВЕ́ЧК//А *ж* 1) *уменьш.-ласк. от* **овца́** 2) *перен.:* **он кро́ток, как ~а** дов чахъугIанги мутIигIав, недегьав вуго; **прики́ дывать-ся ~ой** чахъулъун хIазе, чахъу гIадин вукIине

ОВЕ́Я//ТЬ *сов. кого-что чем (обдать)* гьури базе, гьури речIчIизе; **его́ ~ло прохла́дным ветерко́м** гьесда гьогьомараб гьури речIчIана

ОВИ́ Н *м* лал тIамилалде гулал ракъвазарулеб бакI, гьоцIу

ОВЛАДЕВА́ТЬ *несов. см.* **овладе́ть**

ОВЛАДЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **овладе́ть**) 1) (*захват*) гучалдалъун боси, бахъи, кквей, кверщел гьаби; **~ го́родом** шагьар боси, бахъи 2) *перен. щивниги жиндиего* мутIигI гьави 3) *перен. (прочное усвоение*) щулаго, гьваридго лъазаби; **~ те́хникой** техника гьваридго лъазаби; **~ тео́рией эконо́мики** экономикаялъул теория гьваридго лъазаби

ОВЛАДЕ́//ТЬ *сов.* 1) *кем-чем (захватить)* босизе, бахъизе, кквезе, кверщел гьабизе; **~ть го́родом** шагьар бахъизе 2) (*подчинить себе*) жиндиего мутIигI гьабизе, кверщел гьабизе; **~ть собо́й** жиндаго кверщел гьабизе 3) (*прочно усвоить*) щулаго, гьваридго лъазабизе; **~ть матема́тикой** математика (хIисаб) гьваридго лъазабизе 4) (*о чувствах и т.п.*): **мной ~ла ра́дость** дун рохалица кодове восана (дида рохалица кверщел гьабуна)

О́ВОД *м зоол.* неца

ОВОЩЕВО́Д *м* овощал гIезарулев чи, овощал гIезариялъул специалист, пастIадул нигIматал гIезарулев чи

ОВОЩЕВО́ДСТВО *с* 1) овощал гIезариялъул гIелму; 2) овощал гIезари, пастIадул нигIматал гIезари

ОВОЩЕВО́ДЧЕСКИЙ, -ая, -ое овощал гIезарулеб; **~ совхо́з** овощал гIезарулеб совхоз

ОВОЩЕХРАНИ́ ЛИЩЕ *с* овощал цIунулеб бакI

О́ВОЩ//И *мн.* (*ед.* **о́вощ** *м*) овощал, пастIадул нигIматал; **суп из ~е́й** овощазул гьабураб чурпа ◊ **вся́кому ~у своё вре́мя** *посл.* щибаб жоялъе жиндир заман букIуна

ОВОЩНО́Й, -ая, -ое овощазул, овощазул гьабураб; **~ суп** овощазул чурпа

ОВРА́Г *м* кIкIал, хъитI

ОВРА́ЖИСТ//ЫЙ, -ая, -ое хъитIахараб, кIкIалахараб, кIкIалал гIемераб; **~ая ме́стность** кIкIалал гIемераб бакI

ОВСА́, овсу *и т.д. род., дат. п. и т.д. от* **овёс**

ОВСЯ́ НКА[1] *ж* 1) (*крупа*) нехадул курпа 2) (*каша*) нехадул (курпаялъул) карщ

ОВСЯ́НКА[2] *ж (птица)* овсянка (*къадкил тайпаялъул канчIтIогьилаб гьитIинаб хIинчI*)

ОВСЯН//О́Й, -ая, -ое нехдал, нехадул; **~о́е по́ле** нехадул хур

ОВСЯ́ Н//ЫЙ, -ая, -ое: **~ая соло́ма** нехадул хьутI, сум; **~ая крупа́** нехадул курпа

ОВЦА́ *ж* чахъу ◊ **парши́ вая ~ всё ста́до по́ртит** *погов.* тIехIаб чахъдаца тIолабго рехъен хвезабула; **как забла́удшая ~** нух къосараб чахъу гIадин (*гIадамаздаса, хъизан-рукъалдаса тIурав чи*)

ОВЦЕБЫ́ К *м* мускус оц (чахъуоц)

ОВЦЕВО́Д *м* гIиял гIезариялъул гIелмуялъул специалист

ОВЦЕВО́ДСТВО *с* гIияхъанлъи; гIиял гIезариялъул гIелму

ОВЦЕВО́ДЧЕСКИЙ, -ая, -ое гIияхъанлъиялъул; **~ совхо́з** гIияхъанлъиялъул совхоз

ОВЦЕМА́ТКА *ж* чахъу, кьинлъулеб чахъу

ОВЧА́Р *м* гIиявехь

ОВЧА́РКА *ж* гIиял гьой

ОВЧА́РНЯ *ж* гIиябокь, гIиял ручун

ОВЧИ́ НА *ж* лъугьинабураб чахъдал тIехь (гIиял тIехь)

ОВЧИ́ НК//А *ж уменьш. от* **овчи́ на** ◊ **~а вы́ делки не сто́ит** жибго ритIухъ гьабичIеб, тIалаб-агъазалъе мустахIикъаб гуреб ишалъул хIакъалъулъ; **не́бо с ~у показа́лось** хIинкъарасда зоб чахъдал тIомгIанасебилан кколебила (*куткалда хIинкъана*)

ОВЧИ́ННЫЙ, -ая, -ое гIиял тIахьазул (гьабураб); **~ тулу́п** гIиял тIахьазул тIимугъ

ОГА́РОК *м (бухIун лъугIичIеб*) нахучирахъалъул хутIел

ОГИБА́ТЬ *несов. см.* **обогну́ть**

ОГЛАВЛЕ́НИЕ *с* бутIрул; **~ кни́ ги** тIехьалъул бутIрул

ОГЛАСИ́ //ТЬ *сов. что* 1) (*объявить*) цIализе, лъазабизе; **~ть приговО́р** судалъул хIукму цIализе 2) *уст. (разгласить)* киназдаго рагIизабизе, къватIиб гьурщизе; **~ть чужу́ю та́йну** чияр балъголъи къватIиб гьурщизе (киназдаго рагIизабизе), тIатинабизе 3) (*о звуках*) цIезабизе, рагIизабизе; **де́ти ~ли ко́мнату кри́ ками** лъималаз рукъ ахIи-хIуралъул цIезабуна

ОГЛАСИ́//ТЬСЯ *сов.* 1) (*наполниться звуками*) цIезе; **лес ~лся кри́ ками** рохь гьаркьазул цIуна 2) *уст. (разгласиться)* тIатине, къватIиб чIвазе; **та́йна ~лась** балъголъи тIатана

ОГЛА́СК//А *ж* 1) (*по гл.* **огласи́ ть**) лъазаби; загьир гьаби 2) (*известность*) тIатин, къватIибчIвай; **избежа́ть ~и** тIатиналдаса цIунизе, тIатине биччангутIизе; **получи́ ть ~у** тIатине

ОГЛАСО́ВКА *ж лингв.* рагIул бутIаялда (морфемаялда) рагъараб гьаракь букIин (*рагIул кьибилалда, суффиксалда яги приставкаялда*)

ОГЛАША́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **огласи́ ть(ся)**

ОГЛАШЕ́НИ//Е *с* (*по гл.* **огласи́ ть**) 1) къватIиб лъазаби, рагIизаби, чияда бицин 2) тIатинаби; **~ю не подлежи́ т** тIатинабизе бегьуларо, рагIизабизе, бицине бегьуларо

ОГЛАШЁННЫЙ, -ая, -ое *разг.* магIна гьечIого, гIантаб кучалъ, ахIи-хIуралда вукIунев; **кричи́т, как ~** гIантав чи гIадин ахIдолев вуго

ОГЛО́БЛ//Я *ж* гьакил гIер (гIарищ) ◊ **поверну́ть ~и** а) нахъе ине, тIад вуссине б) кьураб рагIиялдаса, пикруялдаса инкар гьабизе

ОГЛО́ХНУТЬ *сов.* гIинкълъизе, гъугълъизе

ОГЛУША́ТЬ *несов. см.* **оглуши́ ть**

ОГЛУШИ́ТЕЛЬНО *нареч.* хъуялда, гъугълъиледухъ, гIинкълъиледухъ

ОГЛУШИ́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое хъуй бахъараб, гъугълъизарулеб, гIинкълъизарулеб; **~ крик** гъугълъизарулеб гьаракь, ахIи; **~ взрыв** гIинкълъизарулеб кьвагьи

ОГЛУШИ́//ТЬ *сов. кого-что* 1) (*о шуме*) гъугълъизабизе, гIинкълъизабизе, гIиндамес бакъвазабизе; **оруди́ йные вы́ стрелы ~ли меня́** гIарададул кьвагьиялъ дун гъугълъизавуна 2) (*лишить сознания*) (*ботIролъ бараб жоялъ*) гIакълуялдаса инавизе, кIотун ккезавизе

ОГЛЯДЕ́ТЬ *сов. кого-что* бер речIчIизабизе, хал гьабизе; **~** *кого-л.* **с головы́ до ног** ботIродаса хIатIазде щвезегIан *лъилниги* хал гьабизе, без щвезабизе

ОГЛЯДЕ́ТЬСЯ *сов.* 1) (*вокруг*) жиндаго свера-хъерун валагьизе; жиндихъго вала-гъалагьизе 2) (*присмотреться, освоиться*) бецIлъиялде ругьунлъун, сверухълъи бихьизе лъугьине 3) *перен. (ознакомиться)* свера-хъерун бугеб жо бичIчIизе, гьелде ругьунлъизе

ОГЛЯ́ ДК//А *ж* (*по гл.* **оглянУ́ться**) 1) нахъбалагьи; **бежа́ть без ~и** нахъбалагьичIого лъутизе 2) (*осторожность в действиях*) ишазулъ цIодорлъи; **де́йствовать с ~ой** цIодорго хьвадизе, цIодорго иш гьабизе ◊ **без ~и** цIакъ хехго, нахъвалагьичIого

ОГЛЯ́ ДЫВАТЬ *несов. см.* **оглядЕ́ть**

ОГЛЯ́ ДЫВАТЬСЯ *несов. см.* **оглядЕ́ться, оглянУ́ться**

ОГЛЯНУ́ //ТЬСЯ *сов.* нахъвалагьизе, нахъехун вуссине, цояб рахъалдехун валагьизе; **он ~лся и уви́ дел своего́ прия́теля** гьев нахъехун вуссана ва жиндирго гьудул-гьалмагъ вихьана

ОГНЕВ//О́Й, -ая, -ое 1) цIадулаб, цIадутIа, цIадул кумекалдалъун гьабулеб, цIадуда хурхараб; цIадукьераб, кутакалда кунчIулеб 2) *воен.* ругьулаб; **~а́я пози́ция** *жиндасан* речIчIулеб, кьвагьулеб бакI 3) *перен. (пылкий, горячий*) цIагIадав, чIагояв, хехав; **~ой па́рень** цIагIадав гIолилав

ОГНЕДЫ́ ШАЩ//ИЙ, -ая, -ее цIа бурулеб, цIа рехулеб; **~ая гора́** цIа бурулеб мегIер (*вулкан*)

ОГНЕМЁТ *м воен.* цIадулаб лъамалъиялъул чIор речIчIизабулеб ярагъ, огнемёт

О́ГНЕНН//ЫЙ, -ая, -ое 1) цIадулаб; **~ые языки́** цIадул мацIал 2) (*цвета огня*) цIадукьераб; **~ые во́лосы** цIадукьераб кар (рас); **~ые ма́ки** цIадукьерал чабчахъал (жабжахъал, хашхашал) 3) *перен.* цIадулаб, кенчIолеб; бухIизабулеб; **~ый взгляд** бухIизабулеб балагьи; **~ые слова́** цIагIадал рагIаби

ОГНЕОПА́СН//ЫЙ, -ая, -ое цIаккеялъул хIинкъи бугеб, хехго цIа рекIунеб; **~ые вещества́** хехго цIа рекIунел жал

ОГНЕПРИПА́СЫ *мн. воен.* гулла-хер, гулла-хералъул нахърател

ОГНЕСТО́ЙКИЙ, -ая, -ое цIа рекIунареб, цIеца бухIуларeб, цIа хIехьолеб; **~ материа́л** цIа хIехьолеб материал

ОГНЕСТРЕ́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое 1) кьвагьулеб; **~ое ору́жие** кьвагьулеб ярагъ 2) **~ая ра́на** гуллица лъураб ругъун

ОГНЕТУШИ́ТЕЛЬ *м* цIа свинабулеб алат

ОГНЕУПО́РНЫЙ, -ая, -ое тIадегIанаб багIари, цIел бухIи хIехьолеб; **~ кирпи́ч** цIадул бухIи хIехьолеб кирпич

ОГНИ́ВО *с* цIагIел

ОГНЯ́, огню́ *и т.д. род., дат. п. и т.д. от* **ого́нь**

ОГО́ *межд.* огьо; **~, как он вы́ рос!** огьо, дов кIудияв гIун вугеб куц!

ОГОВА́РИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **оговори́ ть(ся)**

ОГОВОРИ́ТЬ *сов.* 1) *кого-что (оклеветать)* гьечIеб гIайиб гIунтIизабизе, бугьтан лъезе, какизе 2) *что (сделать оговорку)* цебеккунго лъазабизе, бичIчIизабизе, баян гьабизе; **~ в предисло́вии** цеберагIиялда баян гьабизе 3) *что (заранее условиться о чем-л.)* цебеккунго *кинаб букIаниги* шартI лъезе; **~ срок рабо́ты** цебеккунго хIалтIул болжал чIезабизе (бицун тезе)

ОГОВОРИ́ТЬСЯ *сов.* 1) (*сделать оговорку*) цебеккунго лъазабун, бичIчIизабун, баян гьабун букIине 2) (*ошибиться в речи*) каламалда гъалатI борчIизе, ккезе (гъалатIаб рагIи борчIизе)

ОГОВО́РКА *ж* 1) (*условие*) цебеккунго кьолеб баян лъолеб шартI; **с не́которыми ~ми** цо-цо баяналги кьун, шартIалги рихьизарун 2) (*обмолвка*) гъалатIаб рагIи, абун борчIараб рагIи, жугъа; **случа́йная ~** тохлъукье абун борчIараб гъалатIаб рагIи

ОГОЛЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **оголи́ ть**) 1) гIицIлъизаби, толохIочинаби 2) *перен.* рагьизаби **2.** (*по гл.* **оголи́ ться**) 1) гIицIлъи, толохIочин 2) *перен.* тIаса тIамах гъин (тIамахги гъун гIицIго хутIи)

ОГОЛЁННОСТЬ *ж* гIицIлъи, толохIочин

ОГОЛЁНН//ЫЙ, -ая, -ое гIицIлъараб, толохIочараб, рагьараб; **~ая грудь** рагьараб керен; **~ая земля́** чIобоголъараб ракь; **~ый про́вод** гIицIлъараб (тIаса хъал араб) телалъул квар

ОГОЛИ́ТЬ *сов.* 1) *кого-что (обнажить)* гIицIлъизабизе, толохIочинабизе; **~ грудь** керен цебе лъезабизе 2) *что перен.* тушманасе рагьараблъун гьабизе; **~ ле́вый фланг** фронталъул кванараб рахъ тушманасе рагьараблъун гьабизе 3) лъалиниса бахъизе (*хвалчен*)

ОГОЛИ́ТЬСЯ *сов.* 1) (*обнажиться*) толохIочине, цебе лъезе, ретIел тIаса бахъизе 2) *перен. (стать беззащитным)* цIуни гьечIеблъун лъугьине 3) тIанхаздаса бацIцIалъизе

ОГОЛЯ́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **оголи́ ть(ся)**

ОГОН//ЁК *м* 1) *уменьш. от* **ого́нь; показа́лись ~ьки́ селе́ния** росдал цIаял, кунчIиял рихьизе лъугьана 2) *перен. (увлечение, задор)*: **рабо́тать с ~ько́м** кинабго кIочон тун, гъираялда хIалтIизе, хIалтIуда цIа рекIинабизе

ОГО́НЬ *м* 1) (*пламя*) цIа; **развести́ ~** цIа бакизе 2) (*свет*) чирахъул канлъи; **рабо́тать при огне́ ла́мпочки** чирахъул канлъухъе хIалтIизе; **огни́ го́рода** шагьаралъул канлъул кунчIиял; **в о́кнах показа́лись огни́** гордахъ канлъи кунчIана 3) *воен.* кьвагьи, гIарада бай; **артиллери́ йский ~** гIарададул кьвагьи; **откры́ть ~** гIарада базе байбихьизе; **~ !** (*команда*) кьвагье! цIа лъе! 4) *перен.* **в глаза́х уже нет было́го огня́** бадиб гьанже гьечIо доб цебесеб (цебе букIараб) кунчIи ◊ (*попасть*) **из огня́ да в по́лымя** цIадакьаги вахъун, гонгикье ккезе; **ме́жду двух огне́й** кIиго цIадуда гьоркьов (кIиябго рахъалдасан хIинкъи буго); **нет ды́ ма без огня́** *погов.* цIа гьечIого, кIкIуй букIунаро (кIкIуй гьечIеб цIа букIунареб); **боя́ ться как огня́** кутакалда хIинкъизе; **подли́ть ма́сла в ~** цIадабе нарт тIезе; **он за тебя́ гото́в пойти́ в ~ и в во́ду** дуе гIоло гьев цIадаве кIанцIизеги хIадурав вуго; **пройти́ ~ и во́ду** гIумруялда гIемераб жо бихьизе; **днем с огнём не найдёшь (не сы́щешь)** къад чирахъ баканиги, батиларо; **игра́ть с огнём** цIадулгун махсара гьабизе; **преда́ть огню́** рахIму гьечIого, чIвазе, пасат гьабизе, къвагъун рехизе

ОГОРА́ЖИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **огороди́ ть(ся)**

ОГОРО́Д *м* бахча, пастIан ◊ **пусти́ть козла́ в ~** рехъалъе бацI биччазе, цIогьор хъаравуллъун тезе

ОГОРОДИ́ТЬ *сов. что щибниги* сверун къазе, чали гьабизе (кквезе); **~ сад** ах сверун къазе; **~ заго́н пле́тнем** ручун хьуриялъ сверун къазе

ОГОРОДИ́ТЬСЯ *сов.* жиндирго бакI сверун къазе

ОГОРО́ДНИК *м* бахчачи, пастIадухъан

ОГОРО́ДНИЦА *ж* бахчачIужу, пастIадухъан

ОГОРО́ДНИЧЕСТВО *с* бахчачилъи, пастIадухъанлъи

ОГОРО́ДН//ЫЙ, -ая, -ое бахчаялъул, бахчадул, пастIаналъул; **~ые культу́ры** бахчадулал (бахчаялда рижулел) культураби; **~ое пу́гало** чиякIо

ОГОРО́ШИ//ТЬ *сов. кого-что разг. ракIалдаго букIинчIелдалъун* тамашалъизаризе, хIикмалъизаризе; **э́то изве́стие всех нас ~ло** гьеб хабаралъ ниж киналго хIикмалъизаруна; **~ть вопро́сом** суалалъ тамашалъизаризе

ОГОРЧЕ́НИЕ *с* рекIекълъи, пашманлъи, ургъалилъе ккей; **доста́вить** *кому-л.* **~** *щивниги* рекIекълъизавизе, пашманлъизавизе, *лъиениги* пашманлъи-къварилъи гьабизе

ОГОРЧИ́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое рекIекълъизарулеб, пашманлъизарулеб; **~ое изве́стие** ургъалилъе ккезарулеб, пашман-лъизарулеб хабар

ОГОРЧИ́//ТЬ *сов. щивниги* рекIекълъизавизе, пашманлъизавизе, ургъалилъе ккезавизе; **~ть свои́м поведе́нием** жиндирго хьвада-чIвадиялдалъун рекIеклъизаризе; **э́то меня́ о́чень ~ло** гьелъ (*хабаралъ*) дун цIакъ пашманлъизавуна

ОГОРЧИ́ТЬСЯ *сов.* къварилъизе, рекIекълъизе, пашманлъизе, ургъалилъе ккезе; **не огорча́йся, все ула́дится** мун къвари-лъуге, кинабго битIун ккела (рахънибе ккела)

ОГРА́БИТЬ *сок. кого-что* талагьизе, хIалица бахъизе, хъамал гьабизе, бикъизе

ОГРАБЛЕ́НИЕ *с* талагъи, хъамал гьаби, талавур гьаби

ОГРА́ДА *ж* чали, хьури, сангар, сверункъед; **ка́менная ~** ганчIил сверункъед

ОГРАДИ́//ТЬ *сов.* 1) *что (обнести оградой) щибниги* сверун къазе; **звере́й ~ли решёткой** гIалхул хIайваназе сверун чали гьабуна 2) *кого-что от чего перен.* цIунизе; **~ть** *кого-л.* **от напа́док** *щивниги* тIекъал гIайибаздаса, мацIаздаса цIунизе

ОГРАДИ́ТЬСЯ *сов. от кого-чего* батIа тIун, нахъе кIанцIун чIезе

ОГРАЖДА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **огради́ ть(ся)**

ОГРАЖДЕ́НИЕ *с* 1) (*по гл.* **огради́ ть**) сверун къай 2) цIуни; **~ прав трудя́щихся** захIматчагIазул ихтиярал цIуни 3) (*то, чем огорожено*); **про́волочное ~** телалъул кварил хьури (сетка)

ОГРАНИЧЕ́НИ//Е *с* (*по гл.* **ограни́ чить**) гIурхъи чIвай, къадар чIезаби; **отмени́ ть ~я** гIурхъи чIвай хвезабизе; **без ~я** гIурхъи чIвачIого

ОГРАНИ́ЧЕННОСТЬ *ж* 1) кIудияб гьечIолъи, дагьаб къадар букIин; **~ де́нежных сре́дств** гIарцул дагьлъи 2) *перен. (узость кругозора)* пикруялъул мукъсанлъи, мискинлъи

ОГРАНИ́ЧЕНН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*небольшой*) дагьаб, гьитIинаб; **~ые возмо́жности** дагьал ресал 2) *перен. (о человеке)* загIипаб, мукъсанаб лъаялъул

ОГРАНИ́ЧИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **ограни́ чить(ся)**

ОГРАНИЧИ́ТЕЛЬ *м щибниги* дагь гьабулеб, гIурхъи чIвалеб алат (прибор); **~ то́ка** токалъул хIисаб гьабулеб, гьеб гIадада бухIизе биччалареб алат; **~ ско́рости** хехлъи цIикIкIине биччалареб алат

ОГРАНИЧИ́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое *щибниги* дагь гьабулеб, *сундуениги* гIурхъи чIвалеб; **~ые ме́ры** *сундуениги* гIурхъи чIвалел тадбирал

ОГРАНИ́ЧИТЬ *сов. кого-что* гIурхъи чIвазе, дагьлъизабизе; **~ себя́** *в чем-л.* жиндиего *щибниги* дагьлъизабизе; **~ ора́тора вре́менем** кIалъалев чиясе заман чIезабизе (заманалъе гIурхъи чIвазе)

ОГРАНИ´ ЧИ//ТЬСЯ *сов. чем* 1) (*удовлетвориться*) гIей гьабизе; **~ться кра́ткой ре́чью** къокъаб кIалъаялда, каламалда гIей гьабизе; **он ~лся звонко́м по телефо́ну** дос цо нухалъ телефоналъ ахIиялда гIей гьабуна 2) (*свестись к чему-л.*): **э́ тим де́ло не ~лось** иш гьелдалъун лъугIичIо

ОГРЕ́ТЬ *сов. кого разг. сунцаниги* кутакалда кьабизе; **~ па́лкой** тIилица кутакалда кьабизе, вацIизе

ОГРЕ́Х *м* 1) *с.-х.* бекьулаго гьоркьоб биччараб, квеш бекьараб бакI; **се́ять без ~ов** гьоркьоб бакI течIого, гъая гьечIого, бекьизе 2) *перен. (недоделка, погрешность*) гIунгутIи; **в рабо́те у него́ постоя́нные ~и** досул хIалтIулъ кидаго гIунгутIаби рукIуна

ОГРО́МН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*по размеру*) цIакъ кIудияб; **~ая пло́щадь** цIакъ кIудияб майдан; **~ая страна́** цIакъ кIудияб улка; **челове́к ~ного ро́ста** цIакъ кIудияб къаркъалаялъул инсан 2) (*по силе, степени*) гучаб, залимаб, зорбаяб; **произвести́ ~ое впечатле́ние** кIудияб, гучаб асар гьабизе

ОГРУБЕ́Л//ЫЙ, -ая, -ое хъачIлъараб, чанлъаб, гвагI-гвагIараб; **~ые ру́ки** хъачIлъарал кверал

ОГРУБЕ́//ТЬ *сов.* 1) хъачIлъизе, чанлълъизе, гвагI-гвагIизе; **ру́ки ~ли** кверал хъачIлъун руго 2) чIурканлъи, гьайбатлъи, хIеренлъи лъугIизе (*чиясул*), хъачIав лъугьине, хъачIлъизе

ОГРЫЗА́ТЬСЯ *несов. см.* 1) (*о собаке*) гъанчизе, гъанчезе 2) *разг. (грубо отвечать)* адаб гьечIого кIалъазе, данде гъанчезе

ОГРЫЗНУ´ ТЬСЯ *однокр. к* **огрыза́ться**

ОГРЫ´ ЗОК *м* кесек, хутIел; **~ я́блока** гIечул хъарсун (хIанчIун) хутIараб кесек

ОГУ´ ЗОК *м* 1) (*часть туши*) къулагIиялъул бохилаб бутIа, бохалъул (бохил) гьан 2) (*шкура с задней части животного*) хIайваналъул нахъисеб бутIаялдаса (рохокъотIиялдаса) бахъараб тIом

ОГУ́ЛОМ *нареч.* киналго (тIолабго) цадахъ, цадахъго, батIалъи гьабичIого, тIубанго, гIемерал цадахъ

ОГУ́ЛЬНО *нареч.* ратIа-ракьанде ваккичIого, циндаго, цадахъго босун

ОГУ´ ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое батIалъи гьабичIого, киназдаго хъатIулеб; тIаса-масагояб, кьучI гьечIеб, гъорлъе раккичIеб; тIасахъаб; **~ое обвине́ние** кьучI гьечIеб гIайиб гIунтIизаби

ОГУРЕ́Ц *м* охцер

ОГУРЕ́ЧНЫЙ, -ая, -ое охцералъул; **~ рассо́л** охцералъул тури

ОГУ́РЧИК *м уменьш. от* **огуре́ц** ◊ **как ~** охцерин ккола (*вихъизе*), охцер гIадин вуго (микьир гIадин вуго, жанив цIун, берцинго вуго)

О́ДА *ж* ода (*рецц-бакъалъул шигIру*)

ОДА́ЛЖИВАТЬ *несов. см.* **одолжи́ ть**

ОДАРЁННОСТЬ *ж* пагьму, гьунар, бажари букIин; **музыка́льная ~ ребёнка** кечI-бакъаналъе лъимадул гьунар букIин

ОДАРЁННЫЙ, -ая, -ое пагьму, гьунар, бажари бугев; **он ~ челове́к** дов пагьму бугев чи вуго

ОДА́РИВАТЬ *несов. см.* **одари́ ть**

ОДАРИ´ //ТЬ *сов. кого-что чем прям., перен.* сайгъатал кьезе; **~ть дете́й ку́кламами** лъималазе ясикIаби сайгъат гьаризе

ОДЕВА́НИЕ *с* (*по гл.* **оде́ть**) ретIин, тIад ретIин, ретIел ретIин; **~ ребёнка** лъимада ретIел ретIин

ОДЕВА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **оде́ть(ся)**

ОДЁЖА *ж разг. см.* **оде́жда 1**

ОДЕ́ЖДА *ж* 1) ретIел-кун 2) *тех. (покрытие дороги)* къватIазде, нухазде тIолеб хъил; **ка́менная ~ доро́ги** нухда ккураб гамачI

ОДЁЖК//А *ж уменьш. от* **одёжа** ◊ **по ~е протя́гивай но́жки** *погов.* ресалда рекъон, гьабе гIумру; **по ~е встреча́ют, по уму́ провожа́ют** ратIлида рекъон, дандчIвала, гIакълуялда рекъон, тIоритIула

ОДЁЖН//ЫЙ, -ая, -ое ратIлил, ратIлилаб; **~ая ще́тка** ратIлил щетка (ратIлида бахъулеб щетка)

ОДЕКОЛО́Н *м* одеколон, махI берцинаб лъим

ОДЕЛИ́ТЬ *сов. кого-что чем* чангоязе бикьизе (чанго чиясе кьезе); **~ дете́й конфе́тами** лъималазе конфетал рикьизе

ОДЕЛЯ´ ТЬ *несов. см.* **одели́ ть**

ОДЁРГИВАТЬ *несов. см.* **одёрнуть**

ОДЕРЕВЕНЕ́Л//ЫЙ, -ая, -ое тIилгIараб, цIулгIараб, лъутIхIараб; **~ые от хо́лода па́льцы** квачалъ цIулгIарал килщал

ОДЕРЕВЕНЕ́ТЬ *сов.* тIилгIазе, цIулгIазе, лъутIхIазе, собозе

ОДЕРЖА́ТЬ *сов.*: **~ побе́ду** бергьенлъи босизе, тIалъи босизе

ОДЕ́РЖИВАТЬ *несов. см.* **одержа́ть**

ОДЕРЖИ´ М//ЫЙ, -ая, -ое 1) *кинаб бугониги* хIалалъ, *сунцаниги* жинда квершел гьабурав, кодове восарав; **~ый стра́хом** хIинкъиялъ кодове восарав 2) *в знач. сущ.* **~ый** *м* цо пикру, идея ккун чIарав чи ◊ **~ый бе́сом** шайтIабаз (къехIаз) ккурав (къосинавурав)

ОДЁРНУТЬ *сов.* 1) *что (оправить)* гIодобе цIан, битIабишизабизе; **~ пла́тье** гурде битIа-бишизабизе; **~ пиджа́к** пиджак рекъезабизе 2) *кого перен. разг. (призвать к порядку*) чIезавизе, гIодове вуссинавизе, кIал къазе; **~ наха́ла** ничгьечI гIодове вуссинавизе

ОДЕ́ТЫЙ, -ая, -ое 1) ретIел ретIарав; **хорошо́ ~** лъикI ретIакъарав; **скро́мно ~** гIадатго ретIа-къарав 2) ратIлид хьарав 3) *перен.* бахчараб, бацараб; **~ сне́гом** гIазуца бацараб; **~ листво́й** тIанхица бахчараб

ОДЕ́//ТЬ *сов. кого-что* 1) (*надеть*) *лъиданиги* ретIине; **~ ребёнка** лъимада ретIел ретIине 2) (*нарядить кем-л.*) къачIазе; **его́ оде́ли де́дом–моро́зом** дов дед-морозлъун къачIана (дед-морозасул ретIел ретIана 3) (*обеспечить одеждой*) ратIлидалъун хьезаризе; **~ всю семью́** тIолабго хъизан ратIлидалъун хьезабизе 4) *перен.* бахчизе, бацизе; **зима́ оде́ла поля́ сне́гом** хаселалъ хурзал гIаздаца рацана; **верши́ ны гор оде́ты тума́ном** мугIрузул тIогьал гIодонакIкIалъ рахчун руго

ОДЕ́//ТЬСЯ *сов.* 1) ретIел ретIине (*жиндаго*); **тепло́ ~ться** хинго ретIа-къан вукIине 2) *перен. щибниги жоялъ* бахчизе, бацизе (*жибго*); **земля́ ~лась зелёным ковро́м** ракь гIурччинаб тIансаялъ (харица) бахчана

ОДЕЯ́ЛО *с* юргъан, одеял; **стёганое ~** *жаниб квакскваги лъун*, квар чIвараб юргъан; **ба́йковое ~** измуралъул (байкадул) одеял

ОДИ´ Н I. *числ.* цо I; **~ раз** цо нухалъ; **~ метр** цо метр; **он получи́ л всего́ одно́ письмо́** досухъе бачIана (щвана) цохIо кагъат; **одна́ па́ра чуло́к** щватабазул цо жут; **в па́рке нет ни одного́ челове́ка** паркалда цохIониги (цониги) чи гьечIо; **на одно́й ло́шади не увезёшь** цо чода лъун, босун бажариларо 2. *в знач. прил.* 1) (*без других, в одиночестве*) живго цохIо; **я живу́ ~** дица дунго цохIо гIумру гьабулеб буго; **его́ оста́вили одного́** дов живго цохIо тун вуго 2) (*тот же самый, одинаковый*) цого (цохIо); **одного́ во́зраста** цого гIелалъул; **жить под одно́й кры́шей** цо тIохалда гъоркь гIумру гьабизе (цадахъ гIумру гьабизе); **я с ва́ми одного́ мне́ния** дирги дурги пикру цо буго 3. *в знач. мест.* 1) (*какой-то, некий*) *щивниги*; **ему́ сказа́л об э́том ~ челове́к** гье-лъул хIакъалъулъ гьесда абуна лъицаяли (цо чияс); **~ из нас** нилъер (нилъеда гьоркьоса) цояв; **то ~, то друго́й** цин цояв, цин цогидав; **в ~ прекра́сный день** цо гьайбатаб къоялъ 2) (*только, исключительно*) цохIо; **вы ~ мо́жете э́то сде́лать** цохIо дуда кIвела гьеб гьабизе 4. *в знач. сущ.* **одно́ ~** цохIо; **~ еди́нственный** гIемеразул гIицIго цохIо; **~ за други́ м** цоялда хадуб цояб; **все до одного́** цохIо хутIичIого (*киналго*); **~ к одному́** дандеса данде; **~ на ~** : а) (*с глазу на глаз*) бадиса бадибе; б) (*один против другого*) цоясда данде цогидав

ОДИНА́КОВО *нареч.* цого къагIидаялда (цого къагIидаялъ); цоцаздаса батIалъи гьечIого

ОДИНА́КОВ//ЫЙ, -ая,-ое цо гIадаб, цого тайпаялъул, релълъараб, цоцаздаса батIалъи гьечIеб; **они́ ~ого ро́ста** дол цого лагаялъул (лага бащадал) руго; **в ~ой ме́ре** цо роценалда; **в ~ом положе́нии** цого хIалалда

ОДИНА́РН//ЫЙ, -ая, -ое цогъатаб, цокьераб, цо чIвайи бугеб; цодрагояб, кIичIвачIеб; **~ая дверь** цого нуцIа (цого рагъулеб нуцIа); **~ая ни́ тка** цодрагояб кун

ОДИ́ННАДЦАТ//ЫЙ, -ая, -ое анцIила цоабилеб; **~ый час** анцIила цоялде хIалтIараб мех; **ему́ пошёл ~ый год** досул ан-цIила цоабилеб сон буго; **в ~ом часу́** сагIат анцIила цоялде хIалтIараб мехалъ

ОДИ´ ННАДЦАТЬ *числ.* анцIила цо

ОДИНО́К//ИЙ, -ая, -ое 1) янгъизаб; ялгъузаб; **~ий дом** янгъи-заб рукъ; **~ий челове́к** янгъизав чи, хъизан, гIагарлъи гьечIев

чи 2) *в знач. сущ.* **~ий** *м* чиякъав 3) *в знач. сущ.* **~ая** *ж* чиякъай 4) (*одиночный*) *устар.* цо чиясе бугеб

ОДИНО́КО *нареч.* янгъизго; ялгъузго; **жить ~** ялгъузго гIумру гьабизе

ОДИНО́ЧЕСТВ//О *с* янгъизлъи; ялгъузлъи; **томи́ться в ~е** янгъизлъи хIехьезе, янгъизлъиялда гIазаб-гIакъуба хIехьезе ккезе

ОДИНО́ЧКА 1) *м, ж* ялгъузав чи, чиякъай гIадан 2) *ж (одиночная камера)* одиночка, туснахъалда цо чиясе бугеб камера 3) *ж (гоночная лодка*) цо чи рекIунеб къе́цазе бугеб раса 4) чияр гIахьаллъи, кумек гьечIого, *щибниги* гьабулев чи 5) цо чу балеб гьоко

ОДИНО́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое 1) батIаго гIумру гьабулеб 2) жибго цохIо бугеб (*мас. гъветI*) 3) (*предназначенный для одного*) цоясе бугеб, цо чиясе хIисаб гьабураб

ОДИЧА́Л//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*дикий*) гIалхуллъараб; **~ая ко́шка** гIалхуллъараб кето 2) (*странный*) тамашаяб, хIикматаб; **~ый взгляд** тамашаяб балагьи; **~ый вид** тамашаяб, гIалхулаб куц-мухъ, сипат-сурат

ОДИЧА́ТЬ *сов.* 1) (*стать диким*) вахIщилъизе, гIалхул-лъизе, тIурузлъизе 2) *перен.* гIадамаздаса тIезе, гIадамаздаса тIун, гIумру гьабизе

ОДНА́ *ж см.* **оди́н**

ОДНА́ЖДЫ *нареч.* 1) (*один раз*) цоцIул; **то́лько ~ я слы́шал э́ то** гIицIго цоцIул ргIана дида гьеб 2) (*как-то раз*) цо́нухалъ; **~ весно́й** цонухалъ ихдал

ОДНА́КО 1) *союз против.* амма; **уже́ стари́ к, ~ бодр душо́й** вихьизе херав вуго, амма ракI бахIарго буго 2) *вводн. сл.* бугониги, букIаниги; **~, дела́ пло́хи** букIаниги, иш квеш буго (лъикI гьечIо)

ОДНО́ *ж см.* **оди́н**

ОДНОА́КТН//ЫЙ, -ая, -ое цо акталъул(аб), цо акт бугеб; **~ая пье́са** цо акталъул пьеса

ОДНОБО́К//ИЙ, -ая, -ое 1) (*несимметричный*) цо рахъ (хьибил) цогидалдаса кIудияб 2) *перен.* цо рахъалъулаб; цо рахъ гурони, хIисабалде босичIеб; **~ое реше́ние** цо рахъ гурони, хIисабалде босичIеб хIукму

ОДНОБО́РТНЫЙ, -ая, -ое цо борт бугеб, цо рахъалде (*маргъалал*) рахалеб (*костюм*)

ОДНОВРЕМЕ́ННО *нареч.* цого заманалда; **на́чать ~** цого заманалда байбихьизе; (*вместе*) цадахъ

ОДНОВРЕМЕ́ННЫЙ, -ая, -ое цого заманалда лъугьунеб

ОДНОГЛА́ЗЫЙ, -а, -ое цобераб, цояб бер гьечIеб

ОДНОГОДИ́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое цо лъагIалилаб, цо сонилаб; **~ые ку́рсы** цо сонилал курсал

ОДНОГО́Д//КИ *мн.* (*ед.* **~ок** *м*) *см.* **однолéтки**

ОДНОГО́РБЫЙ, -ая, -ое цохIо цIутIел бугеб; **~ верблю́д** цохIо цIутIел (гьодил цо цIутIи) бугеб варани

ОДНОДНЕ́ВНЫЙ, -ая, -ое цо къоялъул, цо къоялъулаб; **~ дом о́тдыха** цо къоялъ хIухьбахъи гьабулеб рукъ

ОДНОЗНА́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*тождественный по смыслу*) магIна релъгьарал, цогоял (*ргIаби*) 2) (*с одним значением*) цо магIна бугеб (*ргIи*) 3) *мат.:* **~ое число́** цо гIаламаталдалъун хъвалеб (цо гIаламаталъул) тарих (*2, 3 ва гь.ц.*)

ОДНОИМЁННЫЙ, -ая, -ое цого цIаралъул, цIар гIахьалаб (*Обломов –И.Гончаровасул гьебго цIаралъул романалъул герой*)

ОДНОКА́ШНИК *м разг.* къайицадахъ (*кивниги цадахъ цIаларав, цадахъ цIалулев вугев*)

ОДНОКЛА́ССНИК *м* цо классалда цадахъ цIаларав, класс цояв, классцадахъ

ОДНОКЛА́ССНИЦА *ж* цо классалда цадахъ цIаларай, класс цояй, классцадахъ

ОДНОКЛЕ́ТОЧНЫЙ, -ая, -ое *биол.* цо клетка бугеб, цо клеткаялъулаб

ОДНОКО́ЛКА *ж* кIиго гьакибералъул чолгъоко

ОДНОКО́МНАТН//ЫЙ, -ая, -ое: **~ая кварти́ра** цо рукъ бугеб квартира, цо рукъалъул квартира

ОДНОКО́ННЫЙ, -ая, -ое цо чу балеб, цо чолаб; **~ плуг** цо чу балеб (цо чоца цIалеб) кутан

ОДНОКРА́ТНЫЙ, -ая, -ое цо нухалъ гьабураб, цо нухалъ лъугьунеб ◊ **~ вид глаго́ла** *грам.* цо нухалъ гьабулеб, лъугьунеб иш бихьизабулеб глагол, *масала: хIунсизе, кунчIизе, кIанцIизе*

ОДНОКУ́ РСНИК *м* цо курсалда цадахъ цIаларав яги цIалулев, курсцадахъ

ОДНОКУ́ РСНИЦА *ж* цо курсалда цадахъ цIаларай яги цIалулей, курсцадахъ

ОДНОЛЕ́Т//КИ *мн.* (*ед.* **~ок** *м*) 1) цо гIелалъулал; **мы с ним ~ки** ниж довгун цо гIелалъул ккола 2) *обл.* лъагIараб (лъагIел бараб) хIайван; **жеребёнок ~ок** лъагIараб тайи

ОДНОЛЕ́ТН//ИЙ, -яя, -ее *бот.* цо соналъ бижулеб (цо соналъ гурони бижулареб); **~яя трава́** цо соналъ гурони бижулареб хер

ОДНОЛОШАДНЫЙ, -ая, -ое цо чолаб, цо чу балеб

ОДНОМЕ́СТН//ЫЙ, -ая, -ое цо чиясе бакI бугеб; **~ая каю́та** цо чи вукIунеб каюта; **~ый вертолёт** цо чиясе бакI бугеб вертолет

ОДНОМОТО́РНЫЙ, -ая, -ое цо мотор бугеб

ОДНОНО́ГИЙ, -ая,-ое цобохилаб, цо бох бугеб, цо гурони бох гьечIеб

ОДНООБРА́ЗИЕ *с сундулниги* хиси, цIилъи гьечIолъи, даим цого жо такрарлъи

ОДНООБРА́ЗНО *нареч.* цого къагIидаялда, цого куцалъ

ОДНООБРА́ЗНОСТЬ *ж см.* **однообра́зие**

ОДНООБРА́ЗН//ЫЙ, -ая, -ое цого тайпаялъул; **~ая рабо́та** цого тайпаялъул, хисулареб хIалтIи

ОДНОПАЛА́ТН//ЫЙ, -ая, -ое: **~ая систе́ма** цо палатаялъулаб гIуцIи; **~ая парла́ментская систе́ма** цо палатаялъулаб парламенталъул гIуцIи (система)

ОДНОПА́ЛУБН//ЫЙ, -ая,-ое: **~ое судно** цо палуба бугеб гама

ОДНОПА́ЛЫЙ, -ая, -ое кверда, хIатIида, квачIида цо килищ бугеб

ОДНОПОЛЧА́НИН *м* полк цадахъав (*цо полкалда цадахъ хъулухъ гьабурав яги гьабулев ргъухъан*)

ОДНОРО́ДНОСТЬ *ж* цоцада релъгьен букIин; цого тайпаялъул букIин

ОДНОРО́ДН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*однотипный*) тайпа цояб, цого гIамалалъул, хасиятлъул, релъгьараб; **~ые явле́ния** цого хасиятлъул лъугьа-бахъинал 2) цохIого жоялдасан лъугьараб, гьоркьобе щибго жубачIеб, бацIцIадаб; **~ая жи́дкость** бацIцIадаб лъамалъи ◊ **~ые чле́ны предложе́ния** *грам.* предложениялъул тайпа цоял членал

ОДНОРУ́ КИЙ, -ая, -ое цо квер бугев; квачIикъ, чулахъ

ОДНОСЕЛЬЧА́НИН *м* росуцояв; **он мой ~** дов дир росуцояв вуго (ккола)

ОДНОСЕЛЬЧА́НКА *ж* росуцояй

ОДНОСЛО́ЖНО *нареч.* къокъго, цо ргIиялдалъун

ОДНОСЛО́ЖН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*из одного слога*) цо слогалъулаб, цо гурони слог гьечIеб; **~ое сло́во** цо слогалъулаб ргIи 2) (*лаконичный*) калам къокъаб; **~ый отве́т** къокъаб жаваб

ОДНОСПА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое цо чи вегулеб; **~ая крова́ть** цо чи вегулеб кровать

ОДНОСТВО́ЛКА *ж* цо хIара бугеб туманкI

ОДНОСТВО́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое цо хIара бугеб (*туманкI, таманча*)

ОДНОСТОРО́ННЕ *нареч.* цо рахъалъ; **докла́дчик освети́ л вопро́с ~** докладчияс суал цо рахъалъ (*ргIа-ракьанде щвечIого, цо рахъги мукъсан гьабун*) рагьана

ОДНОСТОРО́НН//ИЙ, -яя, -ее 1) цо рахъ гьумераб; **~яя ткань** цо рахъ гьумераб ххам 2) цо рахъалъулаб, цо рахъалда хъвараб, хъатIараб; **~ий парали́ч** чорхол цояб рахъ ккевей 3) (*в одном направлении*) цо рахъалде унеб, балагьараб; **~ее движе́ние** цо рахъалдехун унеб, цо рахъалдехун балагьараб багъари, багъабачари, хьваци 4) *перен. (ограниченный*) цо рахъалдехун гурони кIвар, гIакълу-лъай кьечIеб; **~ий ум** цо рахъалде буссараб гIакълу

ОДНОСТОРО́ННОСТЬ *ж* цо рахъалде буссин, цо рахъалъулаб букIин; **~ взгля́ да** пикруялъул цо рахъалде буссин, мукъсанлъи

ОДНОТИ́ ПН//ЫЙ, -ая, -ое цого тайпаялъул; **~ые дома́** цого тайпаялъул, цоцада релъгьарал рукъзал

ОДНОТО́МНИК *м* цо томалъулаб басма; **~ сочине́ний Пу́шкина** Пушкинил асарал жанире рачараб цо том

ОДНОФА́ЗНЫЙ, -ая, -ое цо фаза бугеб (*ток*), цо фазаялъул (*ток*)

ОДНОФАМИ́ ЛЕЦ *м* (*гIагарав гьечIониги*) *лъилгунниги* цого фамилия бугев чи, фамилия гIахьал

ОДНОФАМИ́ЛИЦА *ж (гIагарай гьечIониги*) *лъилгунниги* цого фамилия бугей гIадан, фамилия гIахьал

ОДНОЦВЕ́ТН//ЫЙ, -ая, -ое цо кьералъул, цо кьер ккураб; **~ая ткань** цо кьералъул (цо кьер ккураб) ххам

ОДНОЭТА́ЖНЫЙ, -ая, -ое цотIалааб

ОДОБРЕ́НИ//Е *с* лъикIаблъун, битIараблъун рикIкIин; **вы́ разить ~е** разилъи загьир гьабизе; **рабо́та заслу́живает ~я** хIалтIи лъикIаблъун рикIкIине мустахIикъаб буго; **во́згласы ~я** разилъиялъул гьаркьал, тIадрекъеялъул гьаркьал

ОДОБРИ́ ТЕЛЬНО *нареч.* разиго; **~ кивну́ть голово́й** разиго бетIер гьанкIизе

ОДОБРИ́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое разилъараб, разияб; **~ая улы́бка** разилъараб гьими

ОДО́БРИТЬ *сов. кого-что* бегьулеблъун рикIкIине; лъи-кIаблъун рикIкIине, тIад рекъезе, разилъизе; **~ рабо́ту** хIалтIи лъикIаблъун рикIкIине

ОДОБРЯ́ ТЬ *несов. см.* **одо́брить**

ОДОЛЕВА́ТЬ *несов. см.* **одоле́ть**

ОДОЛЕ́//ТЬ *сов.* 1) *кого-что* бергьине; **~ть врага́** тушманасдаса бергьине; къеркьеялъулъ бергьине, къезавизе 2) *кого разг.* инжит гьавизе; **его́ ~л ка́шель** гьев хIалцаца инжит гьавуна 3) *что перен. разг.* лъазабизе; къуркьизавизе; **~ть геоме́трию** геометрия лъазабун бажаризе 4) *кого перен. (охватить – о каком-л. состоянии*) кверде восизе, рахIат хвезабизе; **меня́ ~л сон** дун макъица кверде восана

ОДОЛЖА́ТЬ *несов. см.* **одолжи́ ть**

ОДОЛЖЕ́НИЕ *с (услуга, помощь*) къарзалъ кьей; лъикIлъи, гIаданлъи, кумек гьаби

ОДОЛЖИ́ ТЬ *сов.* 1) *что кому (дать взаймы)* къарзалъ, тIад гьабун, бекIеда кьезе; **~ де́ньги** къарзалъ гIарац кьезе 2) *кого чем уст. (оказать услугу)* кумек гьабизе; **ну и одолжи́ л!** *ирон.* гьабун тараб кумекха!

ОДРЯХЛЕ́ТЬ *сов.* херлъизе, замагалъизе, замагвадарлъизе

ОДУВА́НЧИК *м бот.* хIамагага

ОДУ́ МАТЬСЯ *сов.* 1) (*изменить свои намерения*) хадуб жиндирго къасдалдаса инкар гьабизе 2) *разг. (опомниться)* рекIеда ватизе

ОДУ́ МЫВАТЬСЯ *несов. см.* **оду́маться**

ОДУРА́ЧИВАТЬ *несов. см.* **одура́чить**

ОДУРА́ЧИТЬ *сов. кого разг.* гьерсидалъун, сихIруялдалъун *щивниги* гIантаб, санагIат гьечIеб хIалалде ккезавизе, гIабдаллъун гьавизе

ОДУРЕ́ЛЫЙ, -ая, -ое *разг.* гIакълу биххарав, гIадаллъарав, бетIер сверарав

ОДУРЕ́НИ//Е *с разг.* гIакълу биххи, бетIер гIадхай, агълъи, бетIер свери; **кури́ть до ~я** бетIер гIадхазегIан хъалиян бухIизе; **он чита́л до ~я** дос бетIер гIадхазегIан цIалулаан

ОДУРЕ́//ТЬ *сов. разг.* бетIер гIадхазе, гIакълу биххизе, гIадаллъизе; **ты что, ~л?** мун щиб, гIадаллъунищ вугев?

ОДУРМА́НИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **одурма́нить(ся)**

ОДУРМА́Н//ИТЬ *сов. кого-что* мехтизавизе, бетIер сверизабизе, агълъизавизе, гIадаллъизавизе; **~енный арома́том полевы́х цвето́в** гIурдал (авлахъалъул) тIугьдузул махIалъ мехтизавурав

ОДУРМА́НИТЬСЯ *сов.* мехтизе, бетIер сверизе, агълъизе

О́ДУРЬ *ж разг. см.* **одуре́ние**

ОДУРЯ́ЮЩИЙ, -ая, -ее бетIер агълъизабулеб, гIадхазабулеб, гIадаллъизабулеб; **~ за́пах** бетIер гIадхазабулеб, сверизабулеб махI

ОДУТЛОВА́ТОСТЬ *ж* гьорой, цавуцин

ОДУТЛОВА́Т//ЫЙ, -ая,-ое гьорораб, цавуцараб; **~ое лицо́** цавуцараб, гьорораб гьумер

ОДУХОТВОРЕ́НИЕ *с* хIайваназул, тIагIелазул, тIабигIиял лъугьа-бахъиназул тIадегIанал рухIиял хасиятал ругилан рикIкIин

ОДУХОТВОРЁНН//ЫЙ, -ая, -ое тIадегIанаб гIамал-хасият кьураб, шавкъалъул цIураб; **~ое лицо́** шавкалъул цIураб гьумер; **~ая речь** шавкъалда гьабураб кIалъай

ОДУХОТВОРИ́ТЬ *сов. кого-что* 1) (*воодушевить*) гъира, шавкъ бачIинабизе 2) (*природу, животных*) *тIабигIаталъе, хIайваназе* тIадегIанал рухIиял хасиятал кьезе

ОДУХОТВОРЯ́ ТЬ *несов. см.* **одухотвори́ ть**

ОДУШЕВИ́ ТЬ *сов. кого-что* 1) (*воодушевить*) гъира ккезабизе, ракI базабизе, шавкъ бачIинабизе 2) *что (природу)* тIабигIат чIаго гьабизе

ОДУШЕВИ́ ТЬСЯ *сов.* шавкъ бачIине, гъира ккезе, ракI базе

ОДУШЕВЛЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **одушеви́ ть**) 1) гъира ккей, ракIбай, шавкъ бачIин 2) чIаго гьаби

ОДУШЕВЛЁНН//ЫЙ, -ая, -ое 1) гъира ккезабулеб, ракI базабулеб, шавкъ бугеб 2) (*живой*) чIагояб 3) *грам.:* **одушевлённое и́ мя существи́ тельное** рухI бугеб предметияб цIар

ОДУШЕВЛЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **одушеви́ ть(ся)**

ОДЫ́ШК//А *ж* керен хехлъи, хIалуцин, хIухьел цIазе захIмалъи; **страда́ть ~ой** керен хехлъиялъ гIазабалде ккезе

ОЖЕРЕБИ́ ТЬСЯ *сов. (гIала*) кьинлъизе, тайи гьабизе

ОЖЕРЕ́ЛЬЕ *с* маргъалазул цIал; **жемчу́жное ~** жавгьара-лъул цIал

ОЖЕСТОЧА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **ожесточи́ ть(ся)**

ОЖЕСТОЧЕ́НИЕ *с* 1) (*по гл.* **ожесточи́ть**) гурхIунгутIи, хъачIлъи, согIлъи, ццидахин 2) (*по гл.* **ожесточи́ться**) рахIму гьечIевлъун, хъачIавлъун, ццидалавлъун вукIин

ОЖЕСТОЧЁННОСТЬ *ж* рахIму гьечIолъи, хъачIлъи, ццидахин хасиятаб букIин

ОЖЕСТОЧЁНН//ЫЙ, -ая, -ое рахIму гьечIеб, хъачIаб, ццидалаб, кьвараараб; **~ая борьба́** рахIму гьечIеб кьеркьей

ОЖЕСТОЧИ́ТЬ *сов. кого-что* гурхIел-рахIму гьечIевлъун, ццидалавлъун лъугьинавизе; согIлъизавизе; **~ се́рдце** ракI согIлъизабизе

ОЖЕСТОЧИ́ТЬСЯ *сов.* кьваризе, ццидахине, гурхIелрахIму, сабру тIагIине, сабру лъугIизе

ОЖЕ́ЧЬ *сов.* 1) **что́бы не ~ гу́бы** кIутIби рухIунгутIизе 2) *перен.* (*ударить, хлестнуть*) кьабизе, цIалаца бухIизабизе; **ожёг его́ кнуто́м** гьесда цIалаца бухIизабуна

ОЖИВА́ТЬ *несов. см.* **ожи́ ть**

ОЖИВИ́ //ТЬ *сов. кого-что* 1) чIаголъизабизе; **~ть органи́зм** къаркъала (черх) чIаголъизабизе 2) (*придать сил, живости*) рухI лъезабизе, чIаго гьабизе; **весна́ ~ла больно́го** ихдалица унтарасда рухI лъезабуна 3) (*сделать активным*) чIаголъизабизе; **~ть рабо́ту** хIалтIи чIаголъизабизе 4) *перен.* араб, хвараб, кIочараб ра-кIалде щвезабизе

ОЖИВИ́ //ТЬСЯ *сов.* 1) чIаголъизе; **приро́да ~лась** тIабигIат чIаголъана 2) рухI бачIине, чIинкьа-кIитIизе; **больно́й ~лся** унтарав чIинкьа-кIитIана 3) чIаголъизе; **рабо́та ~лась** хIалтIи чIаголъана

ОЖИВЛЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **оживи́ ть**) 1) чIаголъизаби 2) рухI лъезаби 3) чIаго гьаби **2.** (*по гл.* **оживи́ться**) 1) чIаголъи 2) рухI бачIин, чIинкьа-кIитIи **3.** (*движение*) багъа-бачари, аваданлъи; **на у́лицах пра́здничное ~** къватIахъ байрамалъулаб аваданлъи буго

ОЖИВЛЁННО *нареч.* чIаго, аваданго, рохалида; **~ разгова́ривать** аваданго кIалъа-ралъазе, гара-чIваризе

ОЖИВЛЁНН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*оживший*) чIаголъараб, рухI бачIараб, чIинкьа-кIитIараб 2) (*возбужденный*) хIалуцараб, рахIат хвараб 3) багъа-бачари (хьвади) цIикIкIараб; **~ое движе́ние маши́н** машинабазул цIикIкIараб хьвади; **~ спор** хIалуцараб дагIба-къец

ОЖИВЛЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **оживи́ ть(ся)**

ОЖИДА́НИ//Е *с* 1) (*по гл.* **ожида́ть**) балагьи, балагьун чIей; **до́лгое ~е** халатаб (заманалъ) балагьун чIей 2) *мн.* **~я** (*надежды*) хьулал, къасдал; **~я не оправда́лись** хьулал ритIухъльичIо

ОЖИДА́//ТЬ *несов.* 1) *кого-что, чего (ждать)* балагьун чIезе; **~ть по́езда** поезд бачIиналъухъ ралагьун чIезе 2) (*надеяться*) божизе, хьул лъезе, къасд букIине; **я не ~л вас уви́ деть** мун вихьизе хьул букIинчIо дир 3) *кого-что (предстоять кому-л.*) хIадурун, балагьун букIине; **его́ ~ет блестя́щее бу́дущее** досул букIине буго гьайбатаб, талихIаб букIинесеб (*къисмат*)

ОЖИДА́//ТЬСЯ *несов.*: **весна́ ~ется по́здняя** (*исана*) кватIараб их букIине буго

ОЖИРЕ́НИЕ *с* кьаралъи, тIатIи рекIин

ОЖИРЕ́ТЬ *сов.* кьаралъизе, тIатIи рекIине

ОЖИ́ТЬ *сов.* 1) чIаголъизе; **больнóй ожи́л** унтарав чIаголъана; **мёртвому не** ~ хварасда рухI лъеларо (хварав чIаголъиларо) 2) *перен. (возродиться)* рухI речIчIизе; **страна́ ожи́ла** улкаялда рухI речIчIана

ОЖÓГ *м* 1) (*по гл.* **ожéчь**) бухIи 2) (*обоженное место*) бухIараб бакI (*ругъун*)

ОЗАБÓТИТЬСЯ *сов. чем сундулниги* тIалаб-агъаз гьабизе; ургъел чIвазе, ккезе, гьабизе; ~ **заготóвкой тóплива** (*хасалоялде*) цIатари (цIул-цIа) хIадур гьабиялъул ургъел чIвазе

ОЗАБÓЧЕННО *нареч.* тIалаб гьабун, ургъел ккун

ОЗАБÓЧЕННОСТЬ *ж* тIалаб гьаби, ургъел гьаби; машгъуллъи

ОЗАБÓЧЕНН//ЫЙ, -ая, -ое тIалаб гьабулеб; ургъел чIвараб, ккараб; рахIат хвараб; машгъуллъараб; **~ое лицó** ургъел чIвараб гьумер; **~ый взгляд** рахIат хвараб балагьи

ОЗАГЛА́ВИТЬ *сов. что* цIар кьезе, бетIер лъезе; ~ **статью́** макъалаялда цIар лъезе

ОЗАГЛА́ВЛИВАТЬ *несов. см.* **озагла́вить**

ОЗАДА́ЧИВАТЬ *несов. см.* **озада́чить**

ОЗАДА́ЧИТЬ *сов. кого* васвасдизе, шакдаризе тIамизе; абизе жо, гьабизе жо лъаларого хутIизавизе; вихха-хочизавизе

ОЗАРИ́//ТЬ *сов. кого-что* 1) (*осветить*) кунчIизабизе, гвангъизабизе, канлъи речIчIизабизе; **лучи́ со́лнца ~ли верху́шки дере́вьев** бакъул чIораз гъутIбузул тIогьал кунчIизаруна 2) *перен.* гвангъизабизе; **улы́ бка ~ла его́ лицо́** гъосул гьумер гьимиялъ гвангъизабуна 3) *перен.* ракIалдаго гьечIого, тохлъу-кьего пикру роцIун ине, ракIалде бачIине

ОЗАРИ́ //ТЬСЯ *сов. чем* 1) (*осветиться*) кунчIизе, гвангъизе; **поля́ ~лись у́тренним со́лнцем** хурзал гвангъана рогьалил ба-къалъ 2) *перен.* кунчIизе; **его́ лицо́ ~лось улы́ бкой** гьесул гьумер гьимиялъ кунчIана (кунчIиялъул цIуна)

ОЗАРЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **озари́ ть(ся)**

ОЗВЕРÉЛЫЙ, -ая, -ое гIасилъарав, тIури щварав, кутакалда щцин бахъарав (щцидахарав), вахIшилъарав

ОЗВЕРÉТЬ *сов.* балканахине, гIасилъизе, тIури щвезе, щцидахине, вахIшилъизе

ОЗВУ́ ЧИВАТЬ *несов. см.* **озву́чить**

ОЗВУ́ЧИТЬ *сов. что* гьаракь бугеблъун гьабизе, гьаракь бахъинабизе; ~ **фильм** фильм гьаракь бугеблъун гьабизе

ОЗДОРОВИ́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое сахлъи цIуниялъул, сахлъи лъикIлъизабиялъул, щула гьабиялъул; **~ые мероприя́тия** сахлъи цIуниялъул (цIуниялъе гьарулел) тадбирал

ОЗДОРОВИ́ ТЬ *сов. что* 1) (*улучшить состояние здоровья*) сахлъиялъул хIал лъикIлъизабизе; ~ **ме́стность** гIадамаз гIумру гьабулеб бакI сахлъиялъе данде кколеблъун гьабизе; ~ **усло́вия трудá** хIалтIул шартIал лъикIлъизаризе 2) *перен.* битIараб, лъикIаб ахIвал-хIал чIезабизе, букIинабизе; ~ **обстано́вку в коллекти́ве** коллективалда ахIвал-хIал лъикIлъизабизе

ОЗДОРОВЛЕ́НИЕ *с* 1) (*по гл.* **оздорови́ть**) сахлъизаби, сахлъи дагьабги щула гьаби, лъикIлъизаби; ~ **органи́зма** чорхол сахлъи дагьабги лъикIлъизаби 2) *перен.* гIадлу-низам щула гьаби; ~ **фина́нсов** финансазул (гIарцул) низам лъикIлъизаби

ОЗДОРОВЛЯ́ ТЬ *несов. см.* **оздорови́ ть**

ОЗЕЛЕНЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **озелени́ ть**) гIурччин гьаби, гъутIби,
хъархъал, тIугьдул чIей; ~ **городóв** шагьарал гIурччинлъизари, гъветI-хер цIикIкIинаби

ОЗЕЛЕНИ́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое гIурччинлъизариялъул; гъутIби чIеялъул; **~ые рабóты** гIурччин гьабиялъул, гъветI-хъарахъ чIеялъул хIалтIаби

ОЗЕЛЕНИ́ ТЬ *сов. что кирниги* гъутIби, хъархъал, тIугьдул *ва гь.ц.* чIезе; ~ **го́род** шагьар гIурччин гьабизе

ОЗЕЛЕНЯ́ ТЬ *несов. см.* **озелени́ ть**

ОЗЁРН//ЫЙ, -ая, -ое хIорил; хIориниб гIумру гьабулеб, лъедолеб; **~ая ры́ ба** хIорил ччугIа; **~ая вода́** хIорил лъим; **~ый край** хIорал гIемераб ракь (рахъ)

О́ЗЕРО *с* (*мн.* **озёра**) хIор *(жибго лъугьараб);* **го́рное** ~ мугIрул (магIарда бугеб) хIор

ОЗИ́ М//ЫЙ, -ая, -ое *с.-х.* 1) хасалалихъе бекьараб; **~ая пшени́ца** хаслихъе ролъ; **~ые хлеба́** хаслихъе рекъулел хIалухъаби 2) *в знач. сущ. мн.* **~ые** хаслихъе хIалухъаби; **сев ~ых** хаслихъе хIалухъаби рекьи

О́ЗИМЬ *ж* 1) (*посевы*) хасалихъе рекьарал, раккарал хIалухъаби 2) (*поле*) хасалихъе бекьараб хур

ОЗИРА́ТЬСЯ *несов. (оглядываться*) сверухъе балагьизе, нахъехун бер речIчIизабизе

ОЗЛО́БИ//ТЬ *сов. кого* щцин бахъинабизе, щцидахинабизе; **го́лод ~л соба́к** ракъиялъ гьаби щцидахинаруна

ОЗЛО́БИТЬСЯ *сов.* щцин бахъине, щцидахине

ОЗЛОБЛЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **озло́бить**) щцин бахъинаби, щцидахинаби **2.** (*по гл.* **озло́биться**) щцин бахъин, щцидахин **3.** (*злость*) щцин; **сказать** *что-л.* **с ~м** *щибниги* щцидалъ (щцин бахъун) абизе

ОЗЛОБЛЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **озло́бить(ся)**

ОЗНАКО́МИТЬ *сов. кого-что с чем лъилниги сундулниги* лъай-хъвай гьабизе, *щибниги лъиениги* баян гьабизе; ~ **с положе́нием дел** ишалъул бугеб ахIвал-хIалалъулгун лъай-хъвай гьабизе

ОЗНАКО́МИТЬСЯ *сов. с чем сундулниги* хIакъалъулъ баян щвезе, жинцаго лъай-хъвай гьабизе; ~ **с диссерта́цией** диссертациялъулгун лъай-хъвай гьабизе

ОЗНАКОМЛЕ́НИЕ *с* 1) (*по гл.* **ознако́мить**) *лъилниги* лъай-хъвай гьаби; ~ **с положе́нием дел** *лъилниги* ишалъул бугеб хIалалъулгун лъай-хъвай гьаби 2) (*по гл.* **ознако́миться**) *жиндицаго* лъай-хъвай гьаби; ~ **с пла́ном рабóты** хIалтIул планалъулгун лъай-хъвай гьаби

ОЗНАКОМЛЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **ознако́мить(ся)**

ОЗНАМЕНОВА́НИЕ *с* кIодо гьаби, кIочонареблъун, хIурматияблъун, машгъураблъун гьаби; **в** ~ *чего-л. щибниги* кIодо гьабун, *сундулниги* хIурматалда

ОЗНАМЕНОВА́ТЬ *сов. что чем* кIодо, машгъур гьабизе; ~ **пра́здник произво́дственными успе́хами** байрам хIалтIул бергьенлъабаздалъун кIодо гьабизе

ОЗНАМЕНОВА́ТЬСЯ *сов. чем* машгъурлъизе; ~ **но́выми успе́хами** цIиял бергьенлъабаздалъун машгъурлъизе

ОЗНАЧА́//ТЬ *несов.* магIна, кIвар букIине; **что э́то ~ет?** гьелъул магIна щиб?

ОЗНО́Б *м* гъар-гъар, сири, сорой; **почу́вствовать** ~ сири балеб букIин лъазе

ОЗОЛОТИ́ТЬ *сов. кого-что разг.* (**одари́ ть**) меседилъ тIерхьинавизе; бечедго гIарац сайгъат гьабизе; меседил кьер чIвазабизе

ОЗО́Н *м хим.* озон (*газ*)

ОЗОНА́ТОР *м* озон тIибитIизабулеб алат

ОЗОНИ́ РОВАТЬ *сов. и несов. что* 1) (*обращать в озон*) озоналде буссинабизе, сверизабизе 2) (*очищать озоном*) озоналдалъун бацIцIад гьабизе

ОЗОРНИ́ К *м* кIарчан, чанкIкIел, гогьма, женкIеро, гьачдеро, васандухъан

ОЗОРНИЧА́ТЬ *несов.* кIарчанлъизе, чанкIкIизе, гогьлъизе, гьачдезе, женкIезе

ОЗОРНО́Й, -а́я, -о́е кIарчамав, чанкIкIарав, гогьав; ~ **ребёнок** чанкIкIараб, гогьаб лъимер

ОЗОРСТВ//О́ *с* кIарчанлъи, гогьлъи, чанкIкIи, гьачдей

ОЗЯ́Б//НУТЬ *сов.* квачазе, цIорозе; **я озя́ б** дун квачана; **у меня́ ру́ки ~ли** дир кверал цIорона

ОЙ *межд.* 1) (*при выражении боли, испуга и т.п.*) *унти, хIинкъи бихьизабулеб*: огь, огьогьой; вай, вай-вай; **ой, как напуга́л!** вай, хIинкъизавураб куц! 2) (*при выражении удивления) хIикмалъараб механ*: вахI, вабабай; **ой, как хорошó!** вабабай, лъикI бугеб куц! (бугеб лъикI!)

ОКАЗА́НИЕ *с* (*по гл.* **оказа́ть**) гьаби (*предм. цIаргун цадахъ*); ~ **де́нежной по́мощи** гIарцулаб кумек гьаби; ~ **медици́нской по́мощи** медицинаялъулаб кумек гьаби; ~ **сопротивле́ния** дандечIей гьаби

ОКАЗА́ТЬ *сов. что* гьабизе; ~ **по́мощь** кумек гьабизе; ~ **услу́гу** хъулухъ гьабизе; ~ **сопротивле́ние** дандечIей гьабизе; ~ **хоро́ший приём** лъикIаб куцалъ къабул гьаризе

ОКАЗА́//ТЬСЯ *сов.* 1) *кем-чем, каким (быть)* батизе; **он ~лся о́чень образо́ванным челове́ком** дов цIакъ лъай бугев чи ватана 2) (*очутиться, найтись*) ккезе, вукIине, ватизе; **его́ не ~лось до́ма** дов рокъов ватичIо; **кни́га ~лась на ме́сте** тIехь жиндирго бакIалда батана; **~ться на незнако́мой у́лице** лъаларе къотIноре ккезе 3) *безл. (выясниться)* баянлъизе; **~лось, что мы знако́мы** баянлъана, ниж цоцазда лъалел рукIун руго

ОКА́ЗИ//Я *ж* 1) *уст. (удобный случай*) санагIатаб мех, санагIалъи ккараб мех; **посла́ть письмо́ с ~ей** санагIалъи ккараб мехалъ, кагъат битIизе 2) *разг. (необычный случай*) гIадатияб гуреб лъугьа-бахъин; **вот так ~я!** гьеле хIикматаб лъугьа-бахъин! 3) *разг. лъиданиги* цадахъ *щивниги, щибниги* битIизе, ине щвараб рес

ОКА́ЗЫВАТЬ *несов. см.* **оказа́ть**

ОКА́ЗЫВА//ТЬСЯ *несов.* 1) *см.* **оказа́ться** 2): **~ется** *в знач. вводн. сл.* цинги, хадуб баянлъана, якъинлъана, лъана; **~ется, он уе́хал** хадуб лъана, гьов ун вукIун вуго

ОКАЙМИ́ТЬ *сов. что* сверун чалу, чIоло кквезе, мицIир гьабизе, къазе

ОКАЙМЛЯ́//ТЬ *несов.* 1) *см.* **окаймѝть** 2) *что (расположиться)* сверун яги рагIал чIван рукIине; **дере́вья ~ли о́зеро** хIор сверун гъутIби рукIана (гъутIбуз хIор сверун ккун букIана)

ОКА́ЛИНА *ж тех. цIакъ багIаризабураб металлалда тIад лъугьунеб хехго* чIучIунеб хъал; **желе́зная ~** маххул чIучIун унеб хъал, маххуда тIад лъугьараб хъал

ОКАМЕНЕ́//ЛОСТЬ *ж* 1) гамачI лъугьин, ганчIиде свери 2) *мн.* **~лости** (*ископаемые*) хIайваназул яги хурдузул ганчIиде сверарал хутIелал

ОКАМЕНЕ́Л//ЫЙ, -ая, -ое гамачI лъугьараб, ганчIиде сверараб; **~ые оста́тки дре́вних живо́тных** некIсиял хIайваназул ганчIиде сверарал хутIелал 2) *перен. (неподвижный, безжизненный*) гамачIлъараб, рухI, чIаголъи гьечIеб; **~е лицо́** гамачIлъараб, рухI гьечIеб гьумер

ОКАМЕНЕ́//ТЬ *сов.* 1) (*превратиться в камень*) гамачI лъугьине, ганчIиде сверизе 2) *перен.* багъа-бачари гьечIеблъун лъугьине; цIоро-гьорозе; къвакIизе; **сыр ~л** хIанил гамачI лъу-гьун буго 3) *перен. (стать безучастным ко всему*) *сундулъго* гIахьалльи гьечIевлъун, *сунцаго* асар гьабуларевлъун вукIине

ОКАНТОВА́ТЬ *сов. что* сверун чалу кквезе; кьегI чIвазе; накъищ бахъизе

ОКАНТО́ВКА *ж* 1) (*по гл.* **окантова́ть**) ратIлида, сураталда сверун чалу, чIоло ккквей; кьегI, накъищ гьаби 2) (*кант*) (*сверун гьабураб, ккураб*) кьегI, накъищ, чалу, чIоло; **цветна́я ~** кьерал ругеб накъищ, чалу, чIоло

ОКАНТО́ВЫВАТЬ *несов. см.* **окантова́ть**

ОКА́НЧИВАТЬ *несов. см.* **око́нчить**

ОКА́НЧИВА//ТЬСЯ *несов.* 1) *см.* **око́нчиться** 2) *чем, на что грам. (иметь в конце)* ахиралда букIине, лъугIизе; **сло́во ~тся на гла́сную** рагIи рагьараб гьаркьидалъун лъугIула (рагIул ахиралда рагьараб гьаракь буго)

ОКА́ПЫВАНИЕ *с* 1) (*по гл.* **ока́пывать**) *сунданиги* сверухъе ракь бухъи 2) (*по гл.* **ока́пываться**) ракьул гохIалда нахъа гIарададул, тункIил гулбуздаса цIуни; хандакъ бухъи, гьеб ккун чIей

ОКА́ПЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **окопа́ть(ся)**

ОКАТИ́ ТЬ *сов. кого-что разг. тIолабго предметалда, чиясда* циндаго лъим речIчIизабизе; **~ из ведра́** лъим ведроялъ тIезе (речIчIизабизе) ◊ **~ холо́дной водо́й** рекIел цIа, шавкъ цIорозабизе; рихха-хочи ккезабизе; абизе жо лъаларого хутIизавизе

ОКАТИ́ ТЬСЯ *сов. жиндаго* лъим речIчIизабизе; **~ холо́дной водо́й** *жиндаго* цIорораб лъим речIчIизабизе

ОКА́ЧИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **окати́ ть(ся)**

ОКЕА́Н *м* 1) океан; **Ти́ хий ~** Тихий океан 2) *перен. щибниги* гIурхъи гьечIого, гIемер; жанибе бачине, борцине кIоларебгIан гIемераб *щибниги* жо

ОКЕАНО́ГРАФ *м* океанографиялъул специалист

ОКЕАНОГРА́ФИЯ *ж* окенанография (*океаназул ва ралъадазул хIакъалъулъ бугеб гIелму*)

ОКЕА́НСКИЙ, -ая,-ое океаналъул; **~ ла́йнер** океаналъул лайнер, океаналда лъедолеб лайнер

ОКИ́ ДЫВАТЬ *несов. см.* **оки́ нуть**

ОКИ́НУТЬ *сов.: ~ кого-что-л.* **взо́ром** (*взглядом, глазами*) бер речIчIизабизе, сверухъе балагьизе, бала-гъалагьизе

О́КИСЕЛ *м хим.* окисел (*кислородги кинаб бугониги химиялъулаб элементги цолъун лъугьунеб вещество*), кьаву (кьагIу)

ОКИСЛЕ́НИЕ *с хим.* окисление, *щибниги жогун* химикияб куцалъ кислород цолъи; пахъ лагIи, кьаву чIвай

ОКИСЛИ́ ТЕЛЬ *м хим.* окисление лъугьинабулеб вещество; цIекIлъизабулеб, пахь лагIизабулеб жо

ОКИСЛИ́ ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое *хим.* окислениялда бухьараб; **~ проце́сс** окисление лъугьин

ОКИСЛИ́ТЬ *сов. хим. что* окисление гьабизе, цIекIлъизабизе, пахь лагIизабизе, кьаву чIвазабизе

ОКИСЛИ́ ТЬСЯ *сов. хим.* окисление лъугьине

ОКИСЛЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **окисли́ ть(ся)**

О́КИСЬ *ж хим.* окись, окислениялъул гьоркьохъеб даража; **~ углеро́да** углеродалъул окись

ОККУПА́НТ *м* оккупант (*чияр ракьал рахъиялда гIахьаллъи гьабурав чи)*, чияр ракьал рахъулев

ОККУПАЦИО́НН//ЫЙ, -ая, -ое оккупациялъул, оккупациялда бухьараб; **~ые войска́** оккупациялъулал аскарал

ОККУПА́ЦИЯ *ж* оккупация (*рагъулаб гучалдалъун чияр ракьал рахъи, гьел ккквей*)

ОККУПИ́РОВАНН//ЫЙ, -ая,-ое рагъулаб гучалдалъун бахъун ккураб; **~ая террито́рия** рагъулаб гучалдалъун бахъун ккураб ракь

ОККУПИ́ РОВАТЬ *сов. и несов.* 1) рагъулаб къуваталдалъун бахъун чияр ракь ккквезе 2) *что* ихтиярги гьечIого хIалица *щибниги* бахъизе, ккквезе (*разг., шутл.*)

ОКЛА́Д *м* харж, харжил къадар; **ме́сячный ~** моцIрол харж

ОКЛА́ДИСТ//ЫЙ, -ая, -ое: **~ая борода́** гIебаб, гьумерго цIураб мегеж

ОКЛЕВЕТА́ТЬ *сов. кого-что лъиданиги* бугьтанал лъезе, *лъидасанниги* мацI гьабизе

ОКЛЕ́ИВАТЬ *несов. см.* **оклеи́ть**

ОКЛЕ́ИТЬ *сов. что* седезе; **~ сте́ны обо́ями** къадазда кагъат (обоял) седезе (ккквезе)

ОКЛЕ́ЙКА *ж* **1.** (*по гл.* **оклеи́ть**) седей **2.** (*то, чем оклеено*) *кибниги* седараб жо

О́КЛИК *м* ахIи, гьаракь гьаби, ахIдей

ОКЛИКА́ТЬ *несов. см.* **окли́ кнуть**

ОКЛИ́КНУТЬ *сов. кого кIвар буссинабизелъун, лъалхъизавизелъун* ахIизе; **~ прохо́жего** къотIносан (къватI чIван) унев ахIизе

ОКНО́ *с* (*мн.* **о́кна**) 1) горду; **цветы́ на окне́** горда лъурал тIугьдул; **слуховы́е ~** чердакалъул горду *(чердакалда канлъуе ва гьури хьвадизе лъураб горду)* 2) *перен. (просвет, отверстие*) *сунданиги гьоркьоб ккараб* чIобоголъи, каратI; **~ ме́жду ту́чами** накIкIазда гьоркьоб горду, накIкIул горду; **~ в боло́те** хьуцIилъ, хер бижичIого, хутIараб бакI 3) *разг. (промежуток в расписании*) эркенаб, дарс гьечIеб заман; **по́сле второ́го уро́ка у меня́** ~ кIиабилеб дарсалдаса хадуб дир эркенаб заман буго

О́КО *с* (*мн.* **о́чи**) *уст.* бер; ◊ **в мгнове́ние о́ка** бер къапилалде; **~ за ~, зуб за зуб** беральухъ бер, цаялъухъ ца (бидухъ би; дуе гьабураб хIункъраеги гьабе; цIуральухъ цIураб кьолеб жойила гIорто); **хоть ви́ дит ~, да зуб неймёт** *посл.* берда бихьаниги, цаялъ хIанчIулареб (*къуваталда цебе рагIул магIна гьечIеб*)

ОКОВА́ТЬ *сов. что чем сунданиги* тIад *кинаб букIаниги* металл ккквезе; **~ сундУ́к желе́зом** гьансида махх ккквезе

ОКО́ВЫ *мн.* **1.** *уст. (кандалы*) маххал (*каторгаялда ругезул хIатIазда ралел*) **2.** *перен. (то, что мешает кому-чему-л., стесняет, сковывает кого- что-л. (лъиениги-сундуениги)* квалквал гьабулеб жо, квекIен

ОКО́ВЫВАТЬ *несов. см.* **окова́ть**

ОКОЛА́ЧИВАТЬСЯ *несов. разг.* гIадада *кивниги* хьвадулев, женжедулев вукIине; **~ без де́ла** иш гьечIого, гIадада хьвадулев вукIине

ОКОЛДОВА́ТЬ *сов. кого-что* 1) сихIруяб къуваталъ мутIигI гьавизе, бер бухьине 2) *перен. (очаровать)* асир гьавизе, хIайран гьавизе, сагъвил гьавизе, нахъ чIвазе кIолареб асар гьабизе

ОКОЛДО́ВЫВАТЬ *несов. см.* **околдова́ть**

ОКОЛЕВА́ТЬ *несов. см.* **околе́ть**

ОКОЛЕ́СИЦ//А *ж разг.* чIанда, нану, чIана, чIобогояб хабар; **нести́ ~у** чIанда хъуризе

ОКОЛЕ́ТЬ *сов.* капурго хвезе (*хIайваналъул хIакъалъулъ*)

ОКО́ЛИЦ//А *ж* 1) (*изгородь*) *росу сверун гьабураб* чали, галан, буцур; *гьениса къватIире унеб* каву, нух; **вы́йти за ~у** росулъа къватIире ине 2) (*округа*) росдал сверухълъи, росда сверунбакI 3) росурагIал 4) сверун унеб (*халатаб*) нух

О́КОЛО 1. *предлог с род. п.* 1) (*рядом, возле*) аскIоб, гIагарда; **сядь ~ меня́** дида аскIов гIодов чIа; **мы живём ~ вокза́ла** нижер рукъ вокзалалда аскIоб буго (ниж вокзалалда аскIор руго); **они́ сиде́ли ~ костра́** гьел цIадухъ гIодор чIун рукIана 2) (*приблизительно, почти*) гIагарун; **~ десяти́ рубле́й** анцIго гъурщиде гIагарун (гIага-шагарго анцIго гъурущ); **мы шли ~ ча́са** сагIатгIан заманалъ ана ниж **2.** *нареч.* аскIов, мадугьалихъ; **он стоя́ л ~** дов аскIов чIун вукIана; **он сел ~** гъов аскIов гIодов чIана

ОКОЛОПЛО́ДНЫЙ, -ая, -ое *физиол., анат.* рижиялда сверухъ бугеб (*эбелалъул чохъониб*)

ОКОЛОСЕРДЕ́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое *анат.*: **~ая су́мка** рекIел къвачIа; ракIалда аскIоб (*сверухъе*) бугеб

ОКО́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое 1) битIахъеяб нухалдаса рикIкIадасеб; сверун унеб; **~ая доро́га** сверун унеб нух 2) *перен.* жиндирго мурад сихIирго, гьерсидалъун тIубалеб; **узнать** *что-л.* **~ым путём** *щибниги* гIадатияб гуреб куцалъ лъазе

О́КОН *родп. мн. от* **окно́**

ОКОНЕ́ЧНОСТЬ *ж сундулниги* ахалъи, ахир, ахадасеб бутIа; **ю́жная ~ Африки** Африкаялъул югалъулаб (къилбаялъулаб) ахалъи

ОКО́ННЫЙ, -ая, -ое гордул, гордуялъул; **~ое стекло́** горда лъолеб цIер

ОКОНЧА́НИ//Е *с* 1) (*завершение*) лъугIи, тIубай; **~ рабо́ты** хIалтIи лъугIи 2) *грам.* ахир; **паде́жные ~я** падежиял ахирал

ОКОНЧА́ТЕЛЬНО *нареч.* тIубанго; **он ~ реши́ л уе́хать** гьес хIукму гьабуна тIубанго нахъе ине

ОКОНЧА́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое ахирияб, ахирисеб; тIубараб; хиси гьечIеб; **~ое реше́ние** ахирияб хIукму; **~ая побе́да** тIубараб бергьенлъи

ОКО́НЧИТЬ *сов. что* лъугIизабизе, тIубазабизе, ахиралде щвезабизе; **~ рабо́ту** хIалтIи тIубазабизе; **~ шко́лу** школа лъугIизабизе

ОКО́НЧИ//ТЬСЯ *сов.* лъугIизе, тIубазе, ахиралде щвезе; **спекта́кль ~лся по́здно** спектакль кватIун лъугIана

ОКО́П *м* хандакъ; **рыть ~ы** хандакъал рухъизе

ОКОПА́ТЬ *сов. что* сверун бухъизе; **~ де́рево** гъветI сверун бухъизе

ОКОПА́//ТЬСЯ *сов.* 1) хандакъги бухъун, гьелда жанир чIезе; **ро́та ~лась** ротаялъ хъандакъ бухъана ва гьениб чIана 2) *перен. разг. (найти себе надежное пристанище*) живго вахчизе санагIатаб бакI батизе, хьвараб бакIалда кьерун (кьецун) чIезе

О́КОРОК *м болъонил, гIиялъажоялъул ва цогидалги хIайваназул* бохалъул, бугьналагаялъул рахъ; **копчёный ~** кьеккен гьабураб мачIалзул гьан

ОКОСТЕНЕ́ЛЫЙ, -ая,-ое 1) (*отвердевший*) ракьа лъугьараб, рокьоде сверараб, ракьа гIадин къвакIараб 2) (*окоченевший*) собораб, тIилгIараб, цIорораб (*квачалъ, унтиялъ, херлъиялъ, хвараб мехалъ*) 3) *перен.* багъаруларе6, чIун хутIараб, цебе тIоларе6

ОКОСТЕНЕ́ТЬ *сов.* 1) (*отвердеть*) къвакIизе, ракьа гIадин лъугьине 2) (*окоченеть*) собозе, тIилгIазе, лъутIхIазе, цIоро-гъорозе (*квачалъ ва гь.ц.*) 3) *перен.* багъарунгутIизе, чIун хутIизе, цебе тIунгутIизе

ОКО́Т *м* къинлъи, тIинчI гьаби (*чахъабаз, цIцIаназ*)

ОКОТИ́ ТЬСЯ *сов.* къинлъизе, тIинчI гьабизе

ОКОЧЕНЕВА́ТЬ *несов. см.* **окочене́ть**

ОКОЧЕНЕ́Л//ЫЙ, -ая, -ое собораб, тIилгIараб, цIорораб (*квачалъ*); **~ые па́льцы** цIоро-гъоророл килщал

ОКОЧЕНЕ́ТЬ *сов.* ругьине, собозе, тIилгIазе, цIорозе, цIоро-гъорозе

ОКО́ШКО *с уменьш. от* **окно́ 1**

ОКРА́ИН//А *ж* 1) рагIал; **~а го́рода** шагьаралъул рагIал; **на ~е дере́вни** росдал рагIалда (росурагIалда) 2) (*отдаленная область*) рикIкIадаб бакI; **~а стра́ны** улкаялъул рагIал

ОКРА́ИННЫЙ, -ая, -ое рикIкIадаб, рагIаллъуда бугеб; **~ райо́н** рикIкIадаб район

ОКРА́СИТЬ *сов. что* 1) лажбар, сир бахине 2) *перен.* берцин гьабизе, къачIа-кIатIазе, чIухIизабизе

ОКРА́СИ//ТЬСЯ *сов.* лажбаралъ, краскаялъ бацизе, гьорлъ босизе; *кинаб букIаниги* кьер босизе; **пла́тье пло́хо ~лось** гурдица кьер квеш босана

ОКРА́СКА *ж* 1) (*по гл.* **окра́сить**) лажбар, сир бахин 2) (*цвет*) кьер; **све́тлая ~** канчIаб, гвангъараб кьер 3) *перен. (оттенок*) канчIлъи-бецIлъи *(кьералъул)*

ОКРА́ШИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **окра́сить(ся)**

ОКРЕ́П//НУТЬ *сов.* 1) (*стать крепче, прочнее*) щулалъизе, къвакIизе; **лёд на реке́ окре́п** гIорда цIер щулалъана, (къвакIана) 2) (*стать сильнее, здоровее*) дагьавги къуватав, чорхолъ витIарав лъугьине; **де́ти за ле́то ~ли** лъимал рииялда жанир дагьалги къуватал, чорхолъ ритIарал лъугьана 3) (*усилиться*) гучлъизе, щулалъизе; **ве́тер окре́п** гьури гучлъана

ОКРЕСТИ́ ТЬ *сов.* 1) *кого церк. (совершить обряд крещения*) христиан дин босизабизе, хъанч къабулавлъун гьавизе 2) *кого-что кем-чем разг. (обозвать, дать прозвище*) тIокIцIар кьезе, цебе букIинчIеб цIар лъезе

ОКРЕСТИ́ТЬСЯ *сов. (принять христианскую веру*) христиан дин босизе, гьелда божулевлъун лъугьине, хъанч къабулав-лъун лъугьине

ОКРЕ́СТНОСТ//Ь *ж* сверухълъи, сверухъбакI; **~и го́рода** шагьаралъул сверухълъи

ОКРЕ́СТН//ЫЙ, -ая, -ое сверухълъуда бугеб; аскIоб, гIагарда бугеб; **~ые дерев́ни** сверухъ ругел росаби

О́КРИК *м* 1) *см.* **о́клик** 2) (*резкое замечание*) хъачIго, буюрухъ кьун гьабураб ахIи, хIинкъизавизелъун гьабураб гьаракь

ОКРИ́ КИВАТЬ *несов. см.* **окри́ кнуть**

ОКРИ́ КНУТЬ *сов. кого лъиденити щибниги* ахIизе; *кIвар буссинабиялъул, лъалхъизавиялъул мурадалда*, цIар абун, *щивниги* ахIизе; **~ сы́ на** вас ахIизе, васазде гьаракь гьабизе

ОКРОВА́ВИТЬ *сов. кого-что* бида босизабизе, бица белъинабизе, бидул цIезабизе, бид босизабизе

ОКРОВА́ВЛЕНН//ЫЙ, -ая, -ое бидуца белъараб, бидул хIориниб бугеб, бидул цIураб; **~ый бинт** бидул цIураб катан; **~ое лицо́** бид босараб (бица белъараб) гьумер

ОКРОПИ́ ТЬ *сов. кого-что кинаб букIаниги* лъамалъи щвазе (*масала, лъим*), пунхъизе

ОКРОПЛЯ́ ТЬ *несов. см.* **окропи́ ть**

ОКРО́ШКА *ж* 1) (*кушанье*) окрошка (*гIисинго буссараб гIурччинаб перги гьанги квасалда гъорлъе бан гьабулеб чурпа*) 2) *перен. (беспорядочная смесь*) жуба-гъубай (*жуба-гъубараб, цоцалъа бахъизе захIматаб сундаго абулеб цIар*)

О́КРУГ *м* округ (*пачалихъалъул ракьул административияб, политикияб, магIишатияб, рагъулаб ва гь.ц. бутIа*); **избира́тельный ~** рищиялъул округ; **вое́нный ~** рагъулаб округ

ОКРУГЛЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **округли́ть**) гургинлъизаби, гургин гьаби **2.** (*по гл.* **округли́ ться**) гургинлъи

ОКРУГЛИ́ ТЬ *сов. что* 1) (*сделать круглым*) гургинлъизабизе, гургин гьабизе; **~ гу́бы** кIутIби гургинлъизаризе, цIутIизаризе 2) (*завершить, закончить*) рагIалде бахъинабизе, лъугIизабизе; **рабо́та ещё не округлена́** хIалтIи жеги лъугIун гьечIо 3) (*увеличить*) цIикIкIинабизе; **~ капита́л** капитал цIикIкIинабизе

ОКРУГЛИ́ //ТЬСЯ *сов.* 1) (*стать круглым*) гургинлъизе, жаниб цIезе; **её фигу́ра ~лась** долъул къаркъала гургинлъун (жаниб цIун) буго; **глаза́ его́ ~лись от у́жаса** хIинкъиялъ досул берал гургинлъана 2) (*выразиться в круглых цифрах*) хIисаб гургин гьабизе, гургинлъизе; **счёт ~лся** счет гургинлъана 3) (достигнуть значительного размера) цIикIкIине, гIемерлъизе, кIодолъизе; **капита́л ~лся** капитал цIикIкIана

ОКРУ́ГЛОСТЬ *ж* гургинлъи, чорхол берцинлъи

ОКРУ́ГЛ//ЫЙ, -ая, -ое гургинккараб; **~ое лицо́** гургинккараб гьумер

ОКРУГЛЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **округли́ ть(ся)**

ОКРУЖА́//ТЬ *несов.* 1) *см.* **окружи́ть** 2) *кого-что перен.* сверун рукIине; **его́ ~ют друзья́** гьесда сверун гьудулзаби рукIуна; **пруд ~ли дере́вья** хIор сверун гъутIби рукIана

ОКРУЖА́ЮЩ//ИЙ, -ая, -ее 1) сверун бугеб; **~ая ме́стность** сверун бугеб бакI 2) *в знач. сущ.* **~ие** *мн.* сверун ругел; **скрыть** *что-л.* **от ~их** сверун ругездаса *щибниги* бахчизе 3) *в знач. сущ.*

~ее *м* сверухъе бугеб; **всё ~ее ра́довало его́** тIолабго, кинабго сверухъе бугелъ гьев вохизавулаан

ОКРУЖЕ́НИЕ *с* 1) (*по гл.* **окружи́ть**) сверун кквей; **~ проти́вника** тушман сверун кквей 2) (*среда*) сверухълъи, сверухъе ругел гIадамал

ОКРУЖИ́ //ТЬ *сов.* 1) *кого-что* сверун кквезе; **~ть вра́жескую а́рмию** тушманасул (аскар) армия сверун кквезе; **все ~ли расска́зчика** киназго хабар бицунев сверун ккуна 2) *кем-чем* сверун ракIаризе; **~ть себя́ друзья́ми** жиндаго сверухъ гьудулзаби ракIаризе 3) *кого-что перен.* кIвар кьезе; **~ть внима́нием стари́ков** херал гIадамазде кIвар кьезе, лъикIаб бербалагьи гьабизе 4) *что (обнести чем-л.*) сверун гьабизе; бухъизе; **~ть** *что-л.* **рвом** *сунданиги* сверун ор чIвазе, хандакъ бухъизе

ОКРУЖН//О́Й, -а́я, -о́е 1) округалъул; **~а́я избира́тельная коми́ссия** округалъулаб рищиялъул комиссия 2) *сунданиги* сверун бугеб, сверун унеб; **~а́я желе́зная доро́га** (*сунданиги*) сверун бугеб (унеб) маххул нух

ОКРУ́ ЖНОСТ//Ь *ж* 1) *мат.* свери́, гор; **вписа́ть квадра́т в ~ь** квадрат горалда жаниб бахъизе, жанибе бачине 2) (*окружающая местность*) сверухъбакI, сверухълъи; 3) *уст. см.* **окре́стность**

ОКРЫЛИ́ //ТЬ *сов. кого (воодушевить)* куркьбал гъезе, гъира базабизе, чIаголъизавизе; **успе́х ~л его́** бергьенлъабаз гъосда куркьбал гъуна

ОКРЫЛИ́ТЬСЯ *сов. чем* куркъбал рижизе, гъира базе, шавкъ бачIине, чIаголъизе; **~ наде́ждой** божилъиялъ, щаклъи гьечIолъиялъ куркьбал рижизе, гъира базе, шавкъ бачIине

ОКРЫЛЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **окрыли́ ть(ся)**

ОКТА́ВА *ж* 1) *муз.* октава (*пуланаб тартибалда гьаракь борхун, гIодоцун бачин*) 2) цIакъ тIеренаб кочIол гьаракь 3) *лит.* кечI гьабиялъул къагIида (микьмухъилаб строфа)

ОКТЯ́БР//Ь *м* октябрь; **в ~е́ э́ того го́да** гьаб соналъул октябралда; **в ~е про́шлого го́да** араб соналъул октябралда; **в ~е бу́дущего го́да** бачIунеб соналъул октябралда

ОКТЯ́ БРЬСК//ИЙ, -ая, -ое октябралъул, октябралъулаб; **~ая пого́да** октябралъул гьава-бакъ

ОКУ́ КЛИВАТЬСЯ *несов. см.* **оку́клиться**

ОКУ́КЛИТЬСЯ *сов. зоол.* хIутIалда сверун къвачIа лъугьине

ОКУЛИ́ РОВАТЬ *сов. и несов. что бот.* бацIцIине (*гIалхул гъотIода культурияб пихъил чIор бацIцIине, бер лъезе, куракул гъотIода ахбазан бацIцIине*)

ОКУЛИРО́ВКА *ж бот.* (*по гл.* **окули́ровать**) гъветI бацIцIин, бер лъей

ОКУЛИ́ СТ *м мед.* беразул тохтур

ОКУНА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **окуну́ть(ся)**

ОКУНУ́ ТЬ *сов. кого-что* ччузе, гъорлъе биччазе; **~ па́лец в во́ду** килищ лъадалъ ччузе (лъелъе биччазе)

ОКУНУ́//ТЬСЯ *сов. во что* 1) живго гъорлъе лъугьине, гъорлъ вукъизе 2) *перен. (отдаться чему-л.*) тIерхьине; **~ться в рабо́ту** хIалтIулъ тIерхьине

О́КУНЬ *м зоол.* окунь ччугIа

ОКУПА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **окупи́ ть(ся)**

ОКУПИ́ ТЬ *сов. что* араб, хвараб гIарац, *сундуениги* гьабураб харж бахъинабизе; **~ расхо́ды на пое́здку** сапаралъе гьабураб харж бахъинабизе

ОКУПИ́ //ТЬСЯ *сов.* 1) (*о расходах*) бахъараб харж ритIухъ гьабизе; авалалда ккараб зарал бецIулеб хайир щвезе 2) *перен. (вознаградиться)* лъикIаб хIасилалдалъун живго ритIухъ гьавизе; **наш труд ~лся** нижер захIмат ритIухълъана (лъикIаб хIасил ккана)

ОКУ́ РИВАТЬ *несов. см.* **окури́ ть**

ОКУРИ́ТЬ *сов. кого-что* кьеккен гьабизе, кIкIуй биччазе, кIкIуй речIчIизабизе; **~ дере́вья** (*хIапара хвезабизе*) гъутIбузда кIкIуй речIчIизабизе; **~ у́лей** найил тIалаялъе кьеккен гьабизе

ОКУ́РОК *м* бухIунхутI, хъалияналъул, папиросалъул рачI, свинабун рехараб папирос

ОКУ́ ТА//ТЬ *сов.кого-что* 1) *чем (обернуть)* гъорлъ жемизе, тIад бигъизе; **~ть ше́ю ша́рфом** горбода шарф жемизе 2) *перен.* тIупун тIад лъезе, рахчизаризе; **тума́н ~л куста́рники** накIкIуца хъархъал рахчизаруна

ОКУ́ТА//ТЬСЯ *сов. чем* 1) *жиндаго* тIад жемизе, бигъизе 2) *перен. кисанго* тIад лъезе, гъорлъ тIерхьине, рахчун (рацун) ру-кIине; **го́ры ~лись тума́ном** мугIрул накIкIуца рахчун рукIана

ОКУ́ ТЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **оку́тать(ся)**

ОКУ́ЧИВАНИЕ *с* (*по гл.* **оку́чивать**) *с.-х.* бухъи; сверун бухъун гохI гьаби; **~ карто́феля** картошка бухъи

ОКУ́ ЧИВАТЬ *несов. см.* **оку́чить**

ОКУ́ ЧИТЬ *сов. с.-х. что* бухъизе; бижараб жоялда сверун, ракь бухъун, гохI гьабизе

ОЛА́ДЬ//И *мн.* (*ед.* **~я** *ж*) хъухъанчадал

ОЛЕА́НДР *м бот.* олеандр (*кидаго гIурччинго букIунеб, берцинаб махIги бугеб, багIарал тIугьдулги рукIунеб югалда бижулеб хъарахъ*)

ОЛЕДЕНЕ́Л//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*покрытый льдом*) тIад цIер чIвараб, цIороца бацараб; **~ая река́** цIер чIвараб гIор 2) (*застывший, окоченевший*) цIорораб, тIилгIараб

ОЛЕДЕНЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **оледене́ть**) цIер чIвай, цIороца баци

ОЛЕДЕНЕ́//ТЬ *сов.* 1) (*покрыться льдом*) цIер чIвазе, цIороца бацизе; **ре́ка ~ла** гIорда цIер чIвана 2) (*окоченеть*) собозе, цIорозе, ругьине, тIилгIазе; **у меня́ но́ги ~ли** дир хIатIал цIороялъ тIилгIан руго

ОЛЕНЕВО́Д *м* ритIучIал гIезарулев, хьихьулев чи

ОЛЕНЕВО́ДСТВО *с* (*гIи-боцIул бутIа хIисабалда*) ритIучIал гIезари

ОЛЕНЕВО́ДЧЕСКИЙ, -ая, -ое ритIучIал гIезарулеб; **~ совхо́з** ритIучIал гIезарулеб совхоз

ОЛЕН//ЁНОК *м* (*мн.* **~я́ та**) ритIучIил тIинчI

ОЛЕ́Н//ИЙ, -ья, -ье ритIучIил(аб); **~ьи рога́** ритIучIил лълъурдул; **~ий мех** ритIучIил цIоко

ОЛЕ́НИНА *ж* ритIучIил гьан

ОЛЕ́НЬ *м* ритIучI; **се́верный ~** севералъул ритIучI; **пятни́стый ~** тIанкIал ругеб (тIанкIахараб) ритIучI

ОЛИ́ ВА *ж бот.* 1) зайтун (*пихъ*) 2) (*кидаго гIурччинго букIунеб югалда бижулеб*) зайтуналъул гъветI

ОЛИ́ ВКА *ж см.* **олива**

ОЛИ́ ВКОВ//ЫЙ, -ая, -ое 1) зайтуналъул, зайтуналъул бахъулеб; **~ое ма́сло** зайтуналъул нах 2) (*о цвете*) зайтуналъул кьераб

ОЛИГАРХИ́ ЧЕСКИЙ, -ая, -ое олигархиялъулаб

ОЛИГА́РХИЯ *ж* олигархия (1) *гьоркьохъел гIасрабазул ва гьелдасаги цебе заманалда бищунго бечедал ва цере раккарал гIадамазул гьитIинаб къокъаялъ хутIаразда тIад ханлъи гьабулеб пачалихъияб гIуцIи, гьеб ханлъи гьабулеб къокъа* 2) *перен. империалистазул гьитIинаб къокъаялъ политикаялда ва экономикаялда гьабулеб тIалъи*)

ОЛИ́ МП *м* Олимп (*некIсиял греказул мифологиялда аллагьзаби рукIунеб бакI ва гьезул данделъи*)

ОЛИМПИА́ДА *ж спорт.* 1) олимпиада (*некIсияб Грециялда олимпиялъул хIаязда гьоркьоб унеб (балеб) ункъо сон*) 2) Олимпиада (*ункъо соналдасан тIоритIулел спорталъул халкъазда гьоркьосел къецал*) 3) (*конкурс*) олимпиада, халгьаби; **~ худо́жественной самоде́ятельности** художествияб хIаракатчилъи-ялъул олимпиада (халгьаби)

ОЛИМПИ́ ЙСК//ИЙ, -ая, -ое олимпиялъул; **Олимпи́йские и́ гры** *спорт.* Олимпиялъулал къецал ◊ **~ое споко́йствие** кутакаб гIодове виччай, парахалъи

ОЛИ́ ФА *ж* олифа (*лажбар, лак гьабизе жиндаса пайда босулеб гьализабураб габанидул, лъолъол ва цогидалъулги нах*), лажбаралъул нах

ОЛИЦЕТВОРЕ́НИЕ *с* 1) тIабигIаталъул къуват, лъугьа-бахъинал чIаго гьари, инсанасул хасияталда цебе чIезаби 2) хъвадарухъабаз жидерго асаразе хIалтIизабулеб цо къагIида

ОЛИЦЕТВОР//И́ ТЬ *сов.* 1) *что (выразить в образе*) чIагояб образалдалъун, сипаталдалъун цебе чIезабизе 2) *кого-что (выразить в какой-л. форме*) *сундулъниги* бихьизабизе; **э́та скульпту́ра ~я́ ет скорбь** гьаб скульптураялъ бихьизабула пашманлъи

ОЛИЦЕТВОРЯ́ ТЬ *несов. см.* **олицетвори́ ть**

О́ЛОВО *с* гъалай

ОЛОВЯ́ НН//ЫЙ, -ая, -ое 1) гъалайдул, гъалайдул гьабураб; гъалаялда кьер релълъараб; **~ые ру́ды** гъалай гъорлъ ругел магIданал 2) *перен.* свараб, нур гьечIеб (*берал*)

О́ЛУХ *м разг.* гIабдал, гIантав чи, ахIмакъ

ОЛЬХА́ *ж бот.* ольха (*лъим хIалаб бакIалда, гIурул рагIалда бижулеб чIахIияб тIамахалъул махил тайпаялъул гъветI*)

ОЛЬХО́В//ЫЙ, -ая, -ое ольхадул; ольхадул гьабураб; **~ая кора́** ольхадул хъал (макъар)

ОМ *м физ.* ом (*токалъул дандечIей борцунеб роцен*)

ОМА́Р *м зоол.* омар (анцIхIатIилаб ралъдалгарц1)

ОМЕ́ГА *ж* омега (*греказул алфавиталъул тIарамагъадасеб хIарп*) ◊ **а́льфа и ~** авалги ахирги; **от а́льфы до оме́ги** авалалдаса ахиралде щвезегIан

ОМЕРЗЕ́НИ//Е *с* кутакаб ракIкъай, рокьукълъи; **внуша́ть** *кому-л.* **~е** *лъилъниги* рокьукълъи бижизабизе; **проти́вно до ~я** ракI гъанцIиледухъ рихине

ОМЕРЗИ́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая,-ое ракI къалеб, нахIсаб, рокьукъаб, цIакъ квешаб; **~ый посту́пок** ракI къалеб иш; **~ое настрое́ние** цIакъ квешаб рекIел хIал

ОМЕРТВЕ́ЛОСТЬ *ж* жан-рухI гьечIолъи, чIаголъи гьечIолъи

ОМЕРТВЕ́ЛЫЙ, -ая, -ое жан-рухI лъугIараб, рухI гьечIеб, чIаголъи гьечIеб, хвараб, гIунараб; щивго чи гьечIеб, чIобоголъараб, сихI къотIараб; багъаруларeб

ОМЕРТВЕ́НИЕ *с* жан, рухI, чIаголъи лъугIи; хвей; собой, тIилгIай; багъарунгутIи; чIобоголъи; гIодобе биччай, гIуни

ОМЕРТВЕ́ТЬ *сов.* 1) хвезе, *сунцаниги* асар гьабулареблъун лъугьине; собозе, тIилгIазе, багъаруларeблъун лъугьине; чIаголъи хвезе; чIобоголъизе; цIоро-гъорозе

ОМЁТ *м с.-х.* сумал гIарахъ, кIудияб гъуни, гIари

ОМЛЕ́Т *м* омлет (*ханжуги рахъги жубан гьабураб хайгин*)

ОМОВЕ́НИЕ *с дин.* какичури; **соверши́ ть ~** какик чуризе

ОМОЛА́ЖИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **омолоди́ ть(ся)**

ОМОЛОДИ́ТЬ *сов.* 1) *кого-что* бахIарлъизавизе; **~ органи́зм** черх бахIар гьабизе 2) *что (ввести молодежь в состав чего-л.)* цIикIкIун гIолохъаби (гIолилал) гьоркьоре рачине, бахIар гьабизе, гIолохъан гьабизе; **~ учи́тельский соста́в** учительзабазул состав гIолохъан гьабизе (учительзабазда гьоркьоб гIолохъабазул къадар цIикIкIинабизе)

ОМОЛОДИ́ ТЬСЯ *сов.* 1) бахIарлъизе 2) (*об организации и т. п.*) гIуцIи ва гь.ц. гIолохъанлъизе, гIолилазул къадар цIикIкIине

ОМОЛОЖЕ́НИЕ *с* бахIар гьаби; гIолохъанлъизаби (*гIолохъанаб гIелалъул къадар гьоркьоб цIикIкIинаби*)

ОМО́НИМ *м лингв.* омоним (*гьаркьилаб рахъалъ цоцада релълъарал, магIна батIиял рагIаби, масала: мегIер – лага, мегIер – борхалъи*)

ОМОНИМИ́ ЧЕСКИЙ, -ая, -ое *лингв.* омонимлъун кколеб

ОМОНИМИ́Я *ж лингв.* магIна батIиял рагIаби гьаркьилаб рахъалъ цоцада релълъин (*чармил нус, лъикIай нус*)

ОМОЧИ́ТЬ *сов. кого-что* биччизабизе; **~ слеза́ми** магIица (магIил гараца) биччизабизе

ОМРАЧА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **омрачи́ ть(ся)**

ОМРАЧИ́ТЬ *сов.* 1) *кого-что* бецIлъизабизе 2) пашманлъизавизе, къварид гьавизе; **~ настрое́ние** *лъилниги* рекIел хIал, рохел хвезабизе

ОМРАЧИ́//ТЬСЯ *сов.* бецIлъизе, пашманлъизе, къварилъизе; **его́ лицо́ ~лось** гъосул гьумер пашманлъана

О́МУТ *м* 1) (*яма*) гIурул, хIорил тIинда бугеб гъваридаб гвенд 2) (*водоворот*) гIурул, лъарал тIиналда хвелех, лъим сверулеб бакI, свердиро 3) *перен.* инсан гъорлъе цIазе ва тIекъаб нухде ккезавизе бегьулеб ахIвал-хIал ◊ **в ти́ хом ~е че́рти во́дятся** *посл.* гIодобе биччараб гвандинир шайтIаби рукIуна (гIунараб катица гIорчо кIудияб хъамула)

ОМША́НИК *м* хасало наял лъолеб рукъ, найирукъ

ОМЫВА́//ТЬ *несов.* 1) *см.* **омы́ть** 2) *что сунданиги* сверухъ ралъад букIине, ралъдаца жанибе бачине, сверун кквезе; **мо́ре ~ет о́стров** чIинкIиллъиялъул кинабго рахъалдасан ралъад буго, чIинкIиллъи ралъадалъ сверун ккун буго

ОМЫ́ ТЬ *сов.* 1) *кого-что* чуризе, чура-хулизе 2) *перен.* рогьо-нич чуризе

ОН *мест. личн. м* (его, него; ему, нему; им, ним; о нем) дов; **он прав** дов витIун вуго; **его́ нет до́ма** дов рокъов гьечIо; **у него́ не́ было сил** досул къуват (хутIун) букIинчIо; **дай ему́ кни́ гу** досие тIехь къе; **обрати́ сь к нему́** досде хитIаб гьабе (досда абе, кIалъай); **мы им дово́льны** ниж досдаса рази руго; **я говори́л с ним** дун довгун кIалъана; **о нём ничего́ не слы́шно** досул хIакъалъулъ щибго рагIулеб гьечIо

ОНА́ *мест. личн. ж* (ее, нее; ей, ней; ей, ею, ней, нею; о ней) дой; **~ тяжело́ больна́** дой захIматго унтун йиго; **я её зна́ю** дида дой лъала; **мы пойдём без неё** ниж, дой гьечIого, ина; **я ей обеща́л кни́ гу** дица долъие тIехь щвезабизе рагIи кьун букIана

ОНДА́ТРА *ж зоол.* лъелгIункIкI, ондатра

ОНЕМЕ́Л//ЫЙ, -ая, -ое 1) мацI кIочон тарав 2) собораб; **~ая нога́** собораб бох

ОНЕМЕ́//ТЬ *сов.* 1) мацI кIочон тезе 2) собозе; **па́льцы ног ~ли** хIатIил килщал собона (собон руго)

ОНИ́ *мест. личн. мн.* (их, них; им, ним, ими, ними, о них) дол; **~ сего́дня приедут** дол жакъа рачIуна; **их бы́ ло пя́ теро** дол щугоял рукIана; **у них не́ было вре́мени** дозул заман букIинчIо; **я им помо́г** дица дозие кумек гьабуна; **мы подошли́ к ним** ниж дозда аскIоре ана; **и́ ми ещё ничего́ не сде́лано** доз жеги щибго гьабун гьечIо; **ря́ дом с ни́ ми никого́ не было** дозда аскIов щивниги вукIинчIо; **мы и о них говори́ ли** нижеца дозул хIакъалъулъги бицана

О́НИКС *м мин.* оникс (*хъахIалги чIегIералги мухъал ругеб агаталъул цо тайпа*)

ОНКО́ЛОГ *м мед.* онколог (*рак унтиялъул тохтир, специалист*)

ОНКОЛОГИ́ ЧЕСКИЙ, -ая, -ое онкологиялъул

ОНКОЛО́ГИЯ *ж мед.* онкология (*рак унти ва гьеб сах гьабулеб къагIида лъазабулеб гIелму*)

ОНО́ *мест. личн.* с *см.* **он**

ООН (Организация Объединенных Наций) ООН (Цолъарал Миллатазул Организация)

ОПАДА́ТЬ *несов. см.* **опа́сть**

ОПА́ЗДЫВАНИЕ *с* кватIи

ОПА́ЗДЫВА//ТЬ *несов.* 1) *см.* **опозда́ть** 2) (*о часах*) нахъа хутIизе; **часы́ ~ют на две мину́ты** сагIат кIиго минуталъ нахъа (хутIун) буго

ОПА́ИВАТЬ *несов. см.* **опои́ ть**

ОПА́Л *м мин.* опал (*хирияб гамачI*), хъахIаб гIакъикъ

ОПА́ЛА *ж* 1) *ист.* тIаса лъугьунареб ццин (бахъин) 2) кутакалда рихин, вихьизецин бокьунгутIи; **он в ~е у нача́льства** дов хIакимзабазда кутакалда рихун вуго

ОПА́ЛИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **опали́ ть(ся)**

ОПАЛИ́ТЬ *сов. кого-что* 1) (*очистить огнем*) (*цIадуца*) чIурхIизе; **~ общи́панную ку́рицу** хIулараб гIанкIу чIурхIизе 2) (*обжечь*) тIаса бухIизе, чIурхIизабизе; **~ бро́ви** кьунсрул чIурхIизаризе 3) кисанго яги рагIалдасан бухIизабизе; къвагъизе, къвагъун рехизе

ОПАЛИ́ТЬСЯ *сов.* 1) жиндирго рас чIурхIизе, ретIел яги тIом бухIизе 2) кутакалда ццин бахъине

ОПА́ЛОВЫЙ, -ая, -ое 1) (*из опала*) опалалъул (хъахъаб гIакъикъалъул) гьабураб 2) (*о цвете*) дагьабго тIогьиллъиги хъа-хIиллъиги гъорлъ бугеб хъахIаб (*кьер*), хъахIаб гIакъикъалъул кьер

ОПА́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое *ист.* (пачаясул) ццидакь вугев, рихарав, ццидакье ккарав

ОПАЛЯ́ ТЬ *несов. см.* **опали́ ть**

ОПА́РА *ж* билъараб (лъамияб) реччеб; *гьелдасан* хIадур гьабураб хамур

ОПАРШИ́ ВЕТЬ *сов. разг.* тIехI базе

ОПАСА́ТЬСЯ *несов. кого-чего и с неопр.* хIинкъизе; **~ моро́зов** квачалдаса хIинкъизе; **~ купа́ться** чвердезе хIинкъизе

ОПАСЕ́НИ//Е *с* хIинкъи (*щибниги лъугьиналдаса*); **смотре́ть с ~ем** *на что-л. сундениги* хIинкъигун, щаклъигун балагьизе

ОПА́СК//А *ж разг.*: **по гнило́му по́лу ходи́ ли с ~ой** турараб чIабаралдасан хIинкъадго хьвадулаан

ОПА́СЛИВЫЙ, -ая, -ое цIодорго вукIунев, божел гьабуларев, сверухъе балагьулев; **~ шаг** цIодорго тIамураб гали

ОПА́СНО 1) *нареч.* хIинкъараб хIалалъ; хIинкъи бугеб куцалъ; **он ~ заболе́л** гъов хIинкъи бугеб куцалъ унтана 2) *в знач. сказ. безл.*: **здесь остава́ться ~** гьанир чIезе хIинкъи буго

ОПА́СНОСТ//Ь *ж* 1) хIинкъи; **находи́ться в ~и** хIинкъун вукIине, хIинкъиялда гъоркь вукIине; **~ь миновáла** хIинкъи тIагIана, лъугIана 2) (*рискованность*) хIинкъи букIин; **возника́ет ~ь зараже́ния** унти бахиналъул хIинкъи буго

ОПА́СН//ЫЙ, -ая, -ое хIинкъи бугеб, хIинкъараб; **~ая доро́га** хIинкъараб нух; **~ый для о́бщества** обществоялъе (жамагIаталъе) хIинкъи бугеб; **~ый для жи́ зни** гIумруялъе хIинкъи бугеб; **~ый враг** хIинкъи бугев тушман

ОПА́//СТЬ *сов.* 1) (*осыпаться*) гъине, гъенезе; **ли́стья ~ли** тIамах гъана 2) (*уменьшиться в объеме*) гьитIинлъизе, дагьлъизе, чучизе, гIодоцине; **о́пухоль ~ла** гьор чучана

ОПЕ́К//А *ж* 1) *юр.* къайимлъи гьаби, тIалаб-агъаз гьаби; пачалихъалъул тIадкъаялдалъун *лъилниги* тIалаб-агъаз гьаби; **взять** *кого-л.* **под ~у** *щивниги* (жиндирго) къайимлъуде восизе; **учреди́ть ~у над** *кем-л. лъиданиги mIad* къайимлъи гьабизе 2) *собир. (лица) (жидеца)* къайимлъи гьабулел чагIи яги идара 3) (*забота*) тIалаб-агъаз, милат гьаби; **роди́тельская ~а** эбел-инсулаб тIалаб-агъаз; **выйти из-по́д ~и** къайимлъудаса нахъе ине, къайимлъи хIажалъунгутIизе

ОПЕКА́ТЬ *несов. кого-что* 1) *юр.* къайимлъи гьабизе, тIалаб-агъаз гьабизе 2) (*заботиться*) тIалаб гьабизе; **~ мла́дших** гIисиназул тIалаб гьабизе

ОПЕКУ́Н *м* къайим, тIалаб-агъаз гьабулев чи, къайимлъи гьабулеб идара

ОПЕКУ́ НСТВО *с* къайимлъи, тIалаб гьаби

ОПЕКУ́ НША *ж* къайим, тIалаб гьабулей гIадан

ОПЁНОК *м* (*мн.* **опя́ та**) *хIухьдузда яги гъутIбузул кьалбазда аскIор рижулел халатаб тIеренаб рохтиялъул* шайтIабазул тIагърал (шайтIабазул гIурдахIанал)

О́ПЕР//А *ж* опера (*оркестраль бачунеб музыкагун кочIолаб драмаялъулаб асар*); **ру́сская класси́ческая ~** гIурусазул классикияб опера; **арти́ ст ~ы** операялъул артист

ОПЕРАТИ́ВНОСТЬ *ж* жигарчилъи, жигар буголъи, жиндир заманалда, хехго иш битIун ккезабун, гьабун бажари

ОПЕРАТИ́ВН//ЫЙ, -ая, -ое 1) *воен.* хехаб, оперативияб; **~ая сво́дка** хехаб хIасилаб баян 2) *мед.* операциялъулаб, операция гьабизе кколеб; **~ое лече́ние** операциялдалъун сах гьари 3) хIараката6, бажарун гьабулеб; **~ое руково́дство** хIараката6алда, бажарун гьабулеб нухмалъи

ОПЕРА́ТОР *м* 1)захIматал механизмаби хIалтIизарулев тIадегIанаб махщалил хIалтIухъан, (*рабочий*) оператор 2) кино бахъулев чи, кинооператор

ОПЕРАЦИО́НН//ЫЙ, -ая, -ое **1.** 1) *воен.* операциялъулаб; **~ый план** операциялъул план 2) операция гьабулеб (*бакI*); **~ое отделе́ние в больни́ це** больницаялда операцияби гьарулеб отделение **2.** *в знач. сущ.*~**ая** *ж больницаялда унтаразе* операциял гьарулеб рукъ

ОПЕРА́ЦИ//Я *ж* 1) *воен.* цо мурадалда, цо тIадкъаялда гьарулел рагъулал ишал; **~я по захва́ту го́рода** шагьаралда кверщел гьабиялъе (бахъиялъе) гIоло гьабулеб рагъ (операция); 2) *мед.* операция, унтараб бакI къотIи; **сде́лать ~ю** операция гьабизе 3) *фин. ком.* операция (*гIарцудалъун гьабулеб къотIи-къай, даран ва гь.ц.*)

ОПЕРЕДИ́ТЬ *сов. кого-что*; *прям., перен. лъидасаниги-сундасаниги* цере ккезе, цере ине; **~ *кого-л.* в бе́ге** векерун *лъидасаниги* цеве ккезе; **~ в техни́ ческом разви́ тии** техникияб цебетIеялда *лъидасаниги* цере ккезе

ОПЕРЕЖА́ТЬ *несов. см.* **опереди́ ть**

ОПЕРЕ́НИЕ *с* хIули (*хIанчIазда букIунеб*); **пе́строе ~** кьеркьераб хIули ◊ **хвостово́е ~ самолёта** самолеталъул нахъисеб бутIаялда эхеде ва гIебеде ритIарал бутIаби

ОПЕРЕ́ТТА *ж* оперетта (музыкалияб комедия)

ОПЕРЕ́ТЬ *сов. что* цузабизе, базабизе; **~ кол о забо́р** гIер чалиялда базабизе *(рехунгутIизе)*

ОПЕРЕ́ТЬСЯ *сов. на кого-что* 1) тIаде вегизе; **~ на па́лку** тIилида тIаде вегизе 2) **~ на ма́ссы** халкъалде мугъ чIвазе; **~ на подде́ржку това́рищей** гьалмагъазабазул кумекалде мугъчIвай гьабизе

ОПЕРИ́ РОВАТЬ 1) *сов. и несов. кого-что лъиениги* операция гьабизе; **~ больно́го** унтарасе операция гьабизе 2) *несов. воен.* рагъ гьабизе; **~ в тылу́ проти́вника** тушманасул тылалда рагъ гьабизе 3) *несов. чем перен.* пайда босизе; **~ то́чными све́дениями** ритIарал баяназдаса пайда босизе

ОПЕРИ́ТЬСЯ *сов.* 1) (*о птицах*) хIули, малърал рижизе 2) *перен. (возмужать)* балугълъизе, кIудиял гIезе

О́ПЕРНЫЙ, -ая, -ое операялъул, операялъулаб; **~ теа́тр** операялъул театр

ОПЕРЯ́ ТЬСЯ *несов. см.* **опери́ ться**

ОПЕЧА́ЛИТЬ *сов. кого щивниги* пашман гьавизе, пашманлъизавизе, ургъалилъе ккезавизе

ОПЕЧА́ЛИТЬСЯ *сов.* пашманлъизе, ургъел ккезе, къварилъизе

ОПЕЧА́ТАТЬ *сов. что* сундасаниги пайда босизе гьукъун, мугьру чIвазе

ОПЕЧА́Т//КА *ж рагIулъ ккараб хIарпияб яги магIнаяб* гьалатI (*mIехь басмаялда бахъулаго*); **спи́сок ~ок** гьалатIазул сияхI; **в текст вкрала́сь типогра́фская ~ка** текстalда басмаханаялъул гъалатI борчIун буго

ОПЕЧА́ТЫВАТЬ *несов. см.* **опеча́тать**

ОПЕ́ШИТЬ *сов. разг.* ракIалдаго гьечIеб жо ккеялъ виххизе, виххун ккезе

ОПИВА́ТЬСЯ *несов. см.* **опи́ ться**

ОПИ́ ВКИ *мн. разг.* гьекъечIого гъоркъ тараб *сундулниги* хутIел (*чагъиралъул, чайдул*)

О́ПИЙ *м* барщичIеб чабчах (хашхаш) тIегьалъул бакъвазабураб сок, опий

ОПИ́ ЛКИ *мн.* ххара; **древе́сные ~** цIулал ххара; **желе́зные ~** маххул ххара

ОПИРА́ТЬСЯ *несов. см.* **опере́ться**

ОПИСА́НИ//Е *с* 1) (*по гл.* **описа́ть**) мацIалъул ресаздалъун *лъилниги- сундулниги* хIакъалъулъ хъвай яги бицин; **э́ то не подда́ётся ~ю** гьелъул бицун бажаруларо 2) (*изображение*) сипат-сурат гьаби; **узна́ть** *кого-л.* **по ~ю** гьабураб сипат-сураталдасан *щивниги* лъазе

ОПИСА́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое сипат-сураталъулаб, *гьеб* гьабиялда хурхараб; *жинда жаниб сундулниги* сипат-сурат бугеб; **~ перево́д** сипат-сурат гьабун буссинаби; сипат-сурат гьабун тараб

ОПИСА́ТЬ *сов.* 1) *кого-что* сипат-сурат гьабизе; **~ го́род** шагьаралъул сипат-сурат гьабизе 2) *что* гIелмияб мурадалда *сундулниги* хаслъиялъул, гIаламатазул, гIуцIиялъул хъвазе; 3) сияхI гьабизе; **~ иму́щество** буголъиялъе, бечелъиялъе баян кьезе, *гьелъул* сияхI гьабизе 4) *что мат. сунданиги сверун* гор ба-хъизе; **~ окру́жность вокру́г квадра́та** квадраталда (ункъбокIоналда) сверун гор бахъизе

ОПИСА́ТЬСЯ *сов.* (*сделать описку*) гъалатI гьабизе, биччазе *(кIвар гьечIолъиялъ)*

ОПИ́ СК//А *ж (кIвар гьечIолъиялъ яги палгъаялдалъун биччараб*) гъалатI

ОПИ́ СЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **описа́ть(ся)**

О́ПИСЬ *ж* 1) (*по гл.* **описа́ть**) сипат-сурат гьаби; гIелмияб мурадалда *сундулниги* хаслъаби, гIаламатал рихьизари; хIисаб гьаби, тIубараб сияхI гьаби; **~ иму́щества** къайиялъул сияхI гьаби 2) (*список*) **соста́вить ~ всех дел** киналго ишазул сияхI гьабизе

ОПИ́ТЬСЯ *сов. разг. щибниги* жиндиего зарар ккезегIан гьекъезе

О́ПИУМ *м* 1) опий, опиум; **кури́льщик ~а** опиум бухIулев чи 2) *перен. (дурман)* къосинарулеб, мекъса ккезарулеб, кIотинарулеб жо

ОПЛА́КАТЬ *сов. кого-что* магIу гьабизе, *лъиданиги-сунданиги* хадур гIодизе; **~ ги́бель сыново́й** балагьалда хварал васазда хадур гIодизе

ОПЛА́КИВАТЬ *несов. см.* **опла́кать**

ОПЛА́ТА *ж* 1) (*по гл.* **оплати́ ть**) мухь, (харж) кьей; **~ труда́** захIматалъухъ мухь кьей 2) (*плата*) хIалтIухъ кьолеб мухь, харж; **сде́льная ~** гьабураб хIалтIул къадаралде балагьун кьолеб мухь; *сундухъниги* кьолеб гIарац

ОПЛАТИ́ТЬ *сов. что* мухь кьезе; **~ рабо́ту** хIалтIухъ мухь кьезе; **~ прое́зд** *сунданиги* рекIаралъухъ нухлул хIакъ кьезе; **~ счёт** счеталда бихьизабураб налъи бецIизе (кьезе)

ОПЛА́ЧЕНН//ЫЙ, -ая, -ое мухь кьураб; **телегра́мма с ~ым отве́том** бачIинесеб жавабалъухъги мухь кьураб телеграмма

ОПЛА́ЧИВАТЬ *несов. см.* **оплати́ ть**

ОПЛЕВА́ТЬ *сов. кого-что разг.* 1) хIацIу тузе 2) *перен. (оскорбить) (мустахIикълъичIого, гIайиб гьечIого)* суризавизе, инжит гьавизе, гIодовегIан гьавизе

ОПЛЁВЫВАТЬ *несов. см.* **оплева́ть**

ОПЛЕСТИ́ *сов.* 1) *что* сверун хьухьине; **~ буты́ ль соло́мой** шишаялда сверун сум хьухьине 2) *кого-что перен. разг. (обмануть)* гуккизе, къосинавизе

ОПЛЕТА́ТЬ *несов. см.* **оплести́**

ОПЛЕУ́ Х//А *ж разг.* хъатица кIаркьен (кIал) чIвай, гьурмалъ хъат бай; **дать ~у** хъатица кIаркьен чIвазе 2) *перен.* инжит гьави, гIодовегIан гьави; ракIхвей

ОПЛЕШИ́ ВЕТЬ *сов.* бетIер хIулизе

ОПЛОДОТВОРЕ́НИЕ *с* хьон лъугьин, хьонтIи бижи, тIинчI ккей, тIинчI лъугьин

ОПЛОДОТВОРИ́ТЬ *сов. кого-что* хьон биччазе, рахь босизабизе, хьонтIи лъугьинабизе

ОПЛОДОТВОРЯ́ТЬСЯ *сов.* хьон лъугьине, рахь босизе, хьонтIи лъугьине

ОПЛОДОТВОРЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **оплодотвори́ ть(ся)**

ОПЛОМБИ́ РОВАТЬ *сов. что* пломба чIвазе; пломба лъезе; **~ склад** складалда пломба чIвазе

ОПЛО́Т *м* божи бугеб мугъчIвай

ОПЛОША́ТЬ *сов. разг.* тохлъизе, гъалатI ккезе биччазе

ОПЛО́ШНОСТЬ *ж* тохлъи́, гъалатI ккезе биччай, гъалатI

ОПЛЫВА́ТЬ[1,2] *несов. см.* **оплы́ ть**[1,2]

ОПЛЫ́ ТЬ[1] *сов.* 1) (*ожиреть, отечь*) кьаралъизе, гьун-гьунун ине 2) (*о свече*) биун чвахун гIунизе 3) (*оползти*) лъел асаралъ ччукIизе

ОПЛЫ́ТЬ[2] *сов. что (проплыть вокруг чего-л.)* сверун лъедон ине, лъедон свери бахъизе; **~ о́стров** чIинкIинллъи сверун лъедон ине

ОПОВЕСТИ́ТЬ *сов. кого-что* хабар лъазабизе, лъазабизе, ругьел базе; **~ всех рабо́чих о собра́нии** киналго хIалтIухъабазда собрание бугилан лъазабизе

ОПОВЕЩА́ТЬ *несов. см.* **оповести́ ть**

ОПОВЕЩЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **оповести́ ть**) хабар лъазаби, ругьел бай, лъазаби **2.** (*сообщение, известие*) хабар, лъазаби, ругьел

ОПОГА́НИТЬ *сов. что* чороклъизабизе, хъублъизабизе; инжит гьавизе, гIодовегIан гьавизе

ОПО́ЕК *м* 1) *обл. (теленок-сосунок*) гугьунбече, гIакдадаса тIечIеб бече 2) (*кожа*) бачил тIом; лъугьинабураб бачил тIом

ОПОЗДА́НИ//Е *с* кватIи; **он пришёл с ~ем на час** гьов сагIаталъ кватIун вачIана

ОПОЗДА́//ТЬ *сов.* кватIизе; **~ть на де́сять мину́т** анцIго минуталъ кватIизе; **~ть на рабо́ту** хIалтIуде кватIизе; **самолёт ~л** самолет кватIана

ОПОЗНАВА́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое лъаялъе бугеб, батIа бахъиялъе гьабураб; **~ые зна́ки** ратIа рахъиялъе гьарурал гIужал, (ишараби)

ОПОЗНАВА́ТЬ *несов. см.* **опозна́ть**

ОПОЗНА́НИЕ *с кинал рукIаниги* ишарабаздасан (гIужаздасан) батIа бахъизе лъай

ОПОЗНА́ТЬ *сов. кого-что* батIа бахъизе лъазе; **~ вра́жеский самолёт** тушманасул самолет батIа бахъизе лъазе; **~ свои́ ве́щи** жиндирго кьайи лъазе

ОПОЗО́РИТЬ *сов. кого-что* суризавизе, къватIив чIвазавизе, инжит гьавизе

ОПОЗО́РИТЬСЯ *сов.* суризе, къватIив чIвазе, инжитлъизе

ОПОИ́ ТЬ *сов. кого* 1) (*напоить чрезмерно*) ккоселдаса цIикIкIун гьекъезабизе, зиян ккеледухъ гьекъезабизе; **~ ло́шадь** чу цIикIкIун гьекъезабизе 2) *уст. (отравить)* загьруги кьун, хвезавизе (унтизавизе)

ОПОЛА́СКИВАТЬ *несов. см.* **ополосну́ть**

ОПОЛЗА́ТЬ[1,2] *несов. см.* **оползти́**[1,2]

О́ПОЛЗЕНЬ *м* ракъул гъат ччукIун бачIин; ччукIараб бакI; ччукIел

ОПОЛЗТИ́[1] *сов. (осесть, сползти*) батIалъун (ччукIун, хъущтIун) гIодобе бачIине

ОПОЛЗТИ́[2] *сов. кого-что (вокруг чего-л.*) *сунданиги* сверун хъурщизе (шуризе); **муравёй опо́лз ку́ст** цIунцIра хъарахъ сверун шурана (шурун ана)

ОПОЛОСНУ́ ТЬ *сов. что* хулизе; **~ ру́ки** кверал хулизе; **~ кастрю́ лю** хьаг хулизе

ОПОЛОУ́ МЕТЬ *сов.* гIадаллъизе, гIакълуялдаса ине; **~ от стра́ха** хIинкъиялъ гIакълуялдаса ине

ОПОЛЧА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **ополчи́ ть(ся)**

ОПОЛЧЕ́НЕЦ *м* ополченец

ОПОЛЧЕ́НИЕ *с* ополчение, бодулал (*низамияб аскаралъе кумекалъе, жидеего бокьун данделъараб бо*); **наро́дное ~** хал-къияб ополчение

ОПОЛЧИ́ТЬ *сов.* 1) *кого-что или против кого-чего лъиданиги данде* рагъде рахъинелъун яргъид гIуцIизе; ополчение гIуцIизе 2) данде рагъаризаризе, данде чIезаризе

ОПОЛЧИ́ТЬСЯ *сов. на кого-что или против кого-чего* 1) рекIа-рорчун рахъине, *лъиданиги данде* рагъуе хIадурлъизе; **~ на врага́** тушманасулгун рагъде хIадурлъизе 2) *перен. (лъиениги)* бадирчIваял гьаризе, гIайибал гIунтIизаризе, кьватIив чIвазавизе, (*лъидехунниги*) тушманлъи гьабизе, данде чIезе

ОПО́МНИ//ТЬСЯ *сов.* 1) (*прийти в сознание*) вигьине, лъавуде вачIине, рекIеде вачIине; **~ться по́сле о́бморока** кIотиналдаса хадув лъавуде вачIине 2) (*одуматься*) рекIеда ватизе; **~сь, пока́ не по́здно** жеги кватIун гьечIо, рекIеда вате

ОПО́Р *м*: **во весь ~** цIакъ хехго, лъураб хIалалъ (*бекеризе, хъамун ине*)

ОПО́Р//А *ж* 1) хIуби, сак, мугъ чIвалеб бакI, *щибниги жо ккураб* гъоркьчIвай; **~ы моста́** кьодул сакал 2) *перен.* мугъчIвай, хьихьулев чи (*рукъалъул, хъизамалъул хIуби*)

ОПОРА́ЖНИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **опорожни́ ть(ся)**

ОПО́РН//ЫЙ, -ая, -ое гъоркь чIвараб, *щибниги* кквезе чIвараб; **~ая ба́лка** гъоркь чIвараб хIуби, чIалу

ОПОРОЖНИ́ТЬ *сов. что* чIехьезе, чIобоголъизабизе; **~ буты́л-ку** шиша чIехьезе

ОПОРОЖНИ́ ТЬСЯ *сов.* чIобоголъизе, чIехьезе

ОПОРОЖНЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **опорожни́ ть(ся)**

ОПОРО́С *м* (болъон) кьинлъи

ОПОРОСИ́ ТЬСЯ *сов.* (болъон) кьинлъизе

ОПОРО́ЧИВАТЬ *несов. см.* **опоро́чить**

ОПОРО́ЧИТЬ *сов. кого-что* квешаб цIар чIвазе, суризавизе

ОПОСТЫ́ЛЕ//ТЬ *сов. кому разг.* кутакалда рихине, чIал-гIине; **~ло однообра́зие** цохIого жо (*цого къагIида*) рихун буго

ОПОХМЕЛИ́ТЬСЯ *сов. разг.* цебеккун гьекъаралъ унтизабураб бетIер сахлъи мурадалда гIаракъи-чагъир гьекъезе

ОПОХМЕЛЯ́ ТЬСЯ *несов. см.* **опохмели́ ться**

ОПОШЛЕ́НИЕ *с* 1) (*по гл.* **опо́шлить**) нахъегIанаблъун гьаби, мекъи сверизаби, къимат хвезаби 2) (*по гл.* **опо́шлиться**) къимат хвей, нахъегIанаблъун лъугьин

ОПО́ШЛИТЬ *сов. кого-что* нахъегIанаблъун гьабизе, мекъи сверизабизе, къимат хвезабизе; **~ чужу́ю мысль** чияр пикру мекъи сверизабизе, чияр пикруялъул къимат хвезабизе

ОПО́ШЛИТЬСЯ *сов.* нахъегIанаблъун лъугьине, къимат хвезе

ОПОШЛЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **опо́шлить(ся)**

ОПОЯ́СА//ТЬ *сов.* 1) *кого-что (подпоясать) лъиданиги* рачел къазе; рачлихъ ярагъ базе; бакьулъа къазе 2) *что перен. (окружить)* гор тIамизе, сверда-сверун ккун букIине; **река́ ~ла го́род** гIоралъ шагьаралда рачел къан буго, шагьар сверун гIор буго (гIоралъ шагьар сверун ккун буго)

ОПОЯ́ САТЬСЯ *сов.* 1) *(подпоясаться)* рачел къазе, борчине (*жиндаго*) 2) *перен.* сверун ккун букIине, жанибе бачун букIине 3) сверун букIине

ОПОЯ́ СЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **опоя́ сать(ся)**

ОППОЗИЦИОНЕ́Р *м* оппозиционер, оппозициялъул член, данде чIун вугев чи

ОППОЗИЦИО́ННН//ЫЙ, -ая, -ое оппозициялъул; **~ая группиро́вка** оппозициялда ругезул къокъа

ОППОЗИ́ЦИЯ *ж* 1) (*противодействие, сопротивление*) дандечIей, оппозиция (*лъилниги политикаялдаса инкар гьаби, данде*

чIей) 2) (*группа внутри какой-л. организации*) *кинаб бугониги организацiялда жаниб* данде чIаразул къукъа

ОППОНЕ́НТ *м* оппонент; бахIсазда жиндирго пикру загьир гьабулев чи; **официа́льный ~ на защи́те диссерта́ции** диссертация цIунулеб мехалъ, гьелъие къимат кьезе ва гIелмияб советалда кIалъазе тIад къарав чи

ОППОНИ́РОВАТЬ *несов.* оппонентлъи гьабизе; ~ **докла́дчику** доклад гьабулесе оппонентлъи гьабизе

ОППОРТУНИ́ЗМ *м* оппортунизм (*буржуазиялъул интересазе пролетариаталъул интересал мутIигI гьариялъулъ марксизм–ленинизмалда данде чIараб политика, бербалагьи*)

ОППОРТУНИ́СТ *м* оппортунист (*оппортунизмалъул тIарапалда вугев чи*)

ОППОРТУНИСТИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое оппортунизмалъул, оппортунизмалда хурхараб, оппортунистазул

ОППОРТУНИ́СТКА *ж* оппортунистка (оппортунизмалъул тIарапалда йигей гIадан)

ОПРА́В//А *ж* оправа, *сунданиги* сверун ккураб жо, сверунжо*;* **очки́ в металли́ческой ~е** металлалъул оправа (сверунжо) бугел цIороберал

ОПРАВДА́НИЕ *с* 1) (*по гл.* **оправда́ть**) ритIухъ гьаби, ритIухъаблъун бихьизаби; жиндие диван гьабулесда гIайиб гьечIолъи бихьизабулеб хIукму 2) (*довод*) хIужжа, далил; **э́ то не ~** гьеб гIилла гуро

ОПРАВДА́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое ритIухълъи чIезабулеб, ритIухъ гьабулеб, вацIцIадавлъун вихьизабулеб; ~ **приговóр** ритIухъ гьабулеб хIукму; ~ **докумéнт** ритIухълъи чIезабулеб документ

ОПРАВДА́ТЬ *сов.* 1) *кого (подсудимого*) ритIухъавлъун чIезавизе 2) *что* гIадада гьечIолъи бихьизабизе; ~ *чье-л.* **дове́рие** божилъи гIадада гьечIолъи бихьизабизе 3) *что (возместить)* тIад буссун бачIине, бецIизе; ~ **расхóды** гьарурал харжал тIад руссун рачIинаризе 4) *что чем (признать допустимым*) бегьулеблъун чIезабизе (рикIкIине)

ОПРАВДА́//ТЬСЯ *сов.* 1) (*доказать свою правоту*) жив вацIцIадав вукIин бихьизабизе, такъсирчи гуревлъи бихьизабизе 2) (*подтвердиться*) битIун батизе, битIараблъун чIезе, битIун ккезе; **на́ши наде́жды не ~лись** нилъер хьулал ритIухълъичIо, ритIун ккечIо, улъичIо 3) (*окупиться*) бецIизе, тIад буссине; **затра́ты ~лись** гьарурал харжаз доход (пайда) кьуна

ОПРА́ВДЫВАТЬ *несов.* 1) *см.* **оправда́ть** 2) *кого (защищать) щивниги* ритIухъавлъун вихьизавизе, *лъиданиги* гIайиб гьечIолъи чIезабизе

ОПРА́ВДЫВА//ТЬСЯ *несов.* 1) *см.* **оправда́ться** 2) (*защищаться*) вацIцIарине; **не ~йтесь** вацIцIарунге

ОПРА́ВИТЬ[1] *сов. что (привести в порядок) щибниги* битIабишизабизе, рекъезабизе; ~ **плато́к** кIаз битIа-бишизабизе

ОПРА́ВИТЬ[2] *сов. что (вставить в оправу) сунданиги* жаниб рекъезабизе (лъезе); ~ **драгоце́нный ка́мень** нагIли (къиматаб гамач1) рекъезабизе, лъезе (*баргъичалда, буртIиналда…*); ~ **очки́** цIороберал (сверунжалазда) жанир рекъезаризе

ОПРА́ВИ//ТЬСЯ *сов.* 1) (*привести себя в порядок*) живго къачIа-кIатIазе, битIа-бишизабизе (*ретIараб жо, рас*); **~ться пе́ред зе́ркалом** матIуялда цевеги чIун, къачIа-кIатIазе 2) *от чего (восстанавливать силы*) лъикIлъизе, щулалъизе, мадар лъугьине, рукIалиде вачIине; **ребёнок ~лся по́сле боле́зни** унтудаса хадуб лъимер щулалъана; **~ться от испу́га** хIинкъиялдаса хадув рукIалиде вачIине, гIодове вуссине 3) тIабигIияб хIажалъи тIубазе

ОПРАВЛЯ́ТЬ[1,2] *несов. см.* **опра́вить**[1,2]

ОПРАВЛЯ́ТЬСЯ *несов. см.* **опра́виться**

ОПРА́СТЫВАТЬ *несов. см.* **опроста́ть**

ОПРА́ШИВАТЬ *несов. см.* **опроси́ть**

ОПРЕДЕЛЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **определи́ть**) баян гьаби, мухIкан гьабун, чIезаби **2.** (*по гл.* **определи́ться**) баянлъи, чIезаби; ~ **боле́зни** унти чIезаби 3) (*формулировка*) къокъаб баян; **нау́чное** ~ къокъаб гIелмияб баян 4) *юр.* хIукму; ~ **суда́** судалъул хIукму (судалъул хIукмуялъул цо форма) 5) *грам.* определение (*предложениялъул член – определение*)

ОПРЕДЕЛЁННО *нареч* чIван къотIун, мухIканго, баянго, дурусго, битIахъе; ~ **вы́сказаться** чIван къотIун абизе; **за день мы ~ зако́нчим рабо́ту** цо къоялда жаниб нилъеца хIалтIи мухIканго лъугIизабила

ОПРЕДЕЛЁННОСТЬ *ж* баянлъи, дуруслъи, мухIканлъи, чIванкъотIи; ~ **взгля́дов** пикрабазул чIванкъотIи

ОПРЕДЕЛЁНН//ЫЙ, -ая, -ое (*твердо установленный*) чIван къотIун чIезабураб; **~ый поря́док** чIван къотIун чIезабураб низам 2) (*ясный*) баянаб; **дать ~ый отве́т** баянаб жаваб кьезе 3) (*некоторый, известный*) **встре́титься в ~ый час** цебеккун лъалеб заманалда дандчIвазе 4) (*несомненный*) щаклъи гьечIеб; **это ~ая уда́ча** гьеб шаклъи гьечIеб битIккей буго

ОПРЕДЕЛИ́ТЕЛЬ *м* жиндир кумекалдалъун баян щолеб (чIезабулеб) жо; ~ **расте́ний** хурдузул баян кьолеб тIехь (таблица)

ОПРЕДЕЛИ́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое *грам.:* **~ое прида́точное предложе́ние** определениелъун тIаджубараб предложение; **~ые местоиме́ния** баянлъиялъулал цIарубакIал

ОПРЕДЕЛИ́ТЬ *сов.* 1) *что (установить)* чIезабизе, лъазабизе 2) *что (раскрыть словами содержание*) бицун хIасил рагьизе, баянлъизабизе 3) *что (назначить)* чIезабизе, бихьизабизе; ~ **ме́ру наказа́ния** кинаб тамихI гьабизе бугебали бихьизабизе (тами-хIалъул даража бихьизабизе) 4) *что (обусловить*) гIиллалъун ккезе 5) *кого уст. (назначить на должность)* тIамизе; ~ **на рабо́ту** хIалтIуде тIамизе

ОПРЕДЕЛИ́//ТЬСЯ *сов.* 1) (*стать ясным*) якъинлъизе, цойиде ккезе, баянлъизе, баянаблъун лъугьине; **це́ны ~лись** багьаби цойиде ккана 2) (*определить свое местонахождение*) живго вугеб бакI лъазабизе 3) *уст. (поступать куда-л.*) лъугьине; **~ться на слу́жбу** хъулухъалде лъугьине

ОПРЕДЕЛЯ́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **определи́ть(ся)**

ОПРЕСНЕ́НИЕ *с* гьекъезе бегьулеблъун гьаби, цIамаздаса бацIцIад гьаби; ~ **воды́** лъим бацIцIад гьаби, лъим гьекъезе бегьулеблъун гьаби

ОПРЕСНИ́ТЬ *сов. что* цIамаздаса бацIцIад гьабизе

ОПРЕСНЯ́ТЬ *несов. см.* **опресни́ть**

ОПРО́БОВАТЬ *сов. что* хIал бихьизе; ~ **но́вую маши́ну** цIияб машинаялъул хIал бихьизе

ОПРОВЕРГА́ТЬ *несов. см.* **опрове́ргнуть**

ОПРОВЕ́РГНУТЬ *сов.что* нахъчIвазе, гьересияб букIин бихьизабизе; ~ **ло́жное сообще́ние** гьересияб лъазаби нахъчIвазе

ОПРОВЕРЖЕ́НИЕ *с* 1) (*по гл.* **опрове́ргнуть**) нахъчIвай 2) (*заявление*) макъалаялдалъун (лъазабиялдалъун) гьереси букIин загьир гьаби

ОПРОКИ́ДЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **опроки́нуть(ся)**

ОПРОКИ́НУТЬ *сов.* 1) *кого-что* бегизабизе, кIалагъоркье рехизе; ~ **ча́шку** суркIа бегизабизе; ~ **стул** бакI рехизабизе, бегизабизе 2) *кого-что воен. (заставить отступить)* нахъе къазабизе 3) *что перен. (нарушить)* биххизабизе, хвезабизе; ~ **все пла́ны врага́** тушманасул киналго планал риххизаризе (хвезаризе)

ОПРОКИ́НУТЬСЯ *сов.* бегизе (*повалиться*), кIалагъоркье чIвазе, бегизе (*перевернуться*); чехьатIаде ккезе (*упасть на спину*), гIодоб речIчIизе (*упасть*)

ОПРОМЕ́ТЧИВО *нареч.* ургъичIого, цеве валагьичIого, гIедегIун; ~ **реши́ть** ургъичIого хIукму гьабизе

ОПРОМЕ́ТЧИВОСТЬ *ж* ургъунгутIи, цеве валагьунгутIи, гIедегIи; ургъичIого гьабураб иш

ОПРОМЕ́ТЧИВЫЙ, -ая, -ое ургъичIого гьабураб, цеве валагьичIеб, гIедегIун гьабураб; ~ **посту́пок** ургъичIого гьабураб иш

О́ПРОМЕТЬЮ *нареч.* хъата-масан, цIакъ хехго,гIедегIун; ~ **вы́ бежать из ко́мнаты** хъата-масан, гIедегIун рокъоса къватIиве векеризе

ОПРО́С *м* цIех-рех (гьаби), гьикъи, жаваб боси; ~ **свиде́телей** нугIзабазул цIех-рех гьаби, сорав боси

ОПРОСИ́ТЬ *сов. кого-что* цIех-рех гьабизе, гьикъизе, жаваб босизе; ~ **свиде́телей** нугIзабазул цIех-рех гьабизе

ОПРО́СНЫЙ, -ая,-ое цIех-рехалъул, цIех-рех гьабулеб; ~ **лист** цIех-рехалъул тIамач (*сорав босиялъул тIамач*)

ОПРОСТА́ТЬ *сов. что разг.* чIехьезе, чIобоголъизабизе; ~ **корзи́ну** чIеп чIехьезе

ОПРОСТОВОЛО́СИТЬСЯ *сов.* гIантаб жо ккезе, гIантаб иш гьабун борчIизе (*гьабун тезе*)

ОПРОТЕСТОВА́ТЬ *сов. что юр.* гьабураб хIукмуялда дагIба базе; **~ приговóр судá** судалъул хIукмуялда дагIба базе (рази гьечIолъи лъазабизе)

ОПРОТЕСТО́ВЫВАТЬ *несов. см.* **опротестова́ть**

ОПРОТИ́ ВЕ//ТЬ *сов. кому* рихине, хIехьезе кIунгутIизе; **мне э́ то ~ло** дида гьеб рихана

ОПРЫ́ СКАТЬ *сов.* 1) *кого-что* пунхъизе; **~ плато́к духа́ми** кIазиде махI берцинаб лъим (духи) пунхъизе 2) *что с.-х.* речIчIизабизе (*дару*)

ОПРЫ́ СКАТЬСЯ *сов.* жиндего пунхъизе

ОПРЫ́СКИВАНИЕ *с* 1) (*по гл.* **опры́скивать**) пунхъи, речIчIизаби 2) (*по гл.* **опры́скиваться**) жиндего пунхъи, речIчIизаби

ОПРЫ́СКИВАТЕЛЬ *м* опрыскиватель (*пунхъизабулеб, речIчIизабулеб алат)*

ОПРЫ́ СКИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **опры́ скать(ся)**

ОПРЯ́ТНО *нареч.* вакIа-вахарун, къачIа-кIатIан, вацIцIа-вакъадго, берцинго ретIа-къан; **~ одева́ться** берцинго ретIа-къан вукIине

ОПРЯ́ ТНОСТЬ *ж* вакIа-вахари, къачIа-кIатIай, рацIцIа-ракъалъи

ОПРЯ́ТН//ЫЙ, -ая, -ое къачIа-кIатIараб, бацIцIа-бакъадаб, берцинго ретIа-къараб; **~ый челове́к** къачIа-кIатIарав чи; **~ая оде́жда** бацIа-бакъадаб ретIел

О́ПТИК *м* оптик (*оптикаялъул специалист*)

О́ПТИКА *ж* 1) (*отдел физики*) оптика 2) *собир. (приборы)* оптикаялъул приборал (*тIагIелал*) *(цIороберал, дурнавал…)*

ОПТИМА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое бищунго рекъараб, данде ккараб, бищунго санагIатаб; **~ые усло́вия** бищун санагIатал шартIал

ОПТИМИ́ЗМ *м* оптимизм (*лъикIаб букIинеселда божун, битIккеялда ракI чIун, рази-ракиго, аваданлъиялда вукIин*)

ОПТИМИ́ СТ *м* оптимист, оптимизм бугев чи

ОПТИМИСТИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое оптимизмалъулаб, оптимизмалда хурхараб

ОПТИМИ́СТКА *ж* оптимистка, оптимизм бугей гIадан

О́ПТОВ//ЫЙ, -ая, -ое гIемер цадахъ бичулеб; **~ая торго́вля** гIемер къайи цадахъго бича-хиси

О́ПТОМ *нареч.* цадахъго, гIемераб къадаралда; **продава́ть ~ и в ро́зницу** гIемераб къадаралда ва цо-цоккун бичизе

ОПУБЛИКОВА́НИЕ *с* (*по гл.* **опубликова́ть**) газетазда, журналазда бахъи; **~ зако́на** закон, газетазда, журналазда бахъун, киназдаго лъазаби

ОПУБЛИКОВА́ТЬ *сов. что* басмаялда бахъизе; басмаялда бахъун (*басмаялда кьабун*), киназдаго лъазабизе **~ сообще́ние** лъазаби басмаялда бахъизе

ОПУБЛИКО́ВЫВАТЬ *несов. см.* **опубликова́ть**

ОПУСКА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **опусти́ ть(ся)**

ОПУСТЕ́Л//ЫЙ, -ая, -ое чIобоголъараб; **~ая ко́мната** чIоболъараб рукъ

ОПУСТЕ́НИЕ *с* чIобоголъи, чи гьечIого, хутIи

ОПУСТЕ́ТЬ *сов.* 1) (*стать пустым*) чIобоголъизе 2) (*стать безлюдным*) чи гьечIого, хутIизе

ОПУСТИ́ ТЬ *сов.* 1) *кого-что* гIодобе биччазе; **~ флаг** байрахъ гIодобе биччазе 2) *кого-что во что* рехизе, биччазе, тIамизе; **~ моне́ту в автома́т** автоматалъубе гIарац рехизе; **ру́ку в во́ду** ~ лъелъе квер биччазе 3) *что (откинуть)* гьоркьехун чIвазабизе; **~ воротни́к** габур гьоркьехун чIвазабизе 4) *что (пропустить)* гьоркьоб биччазе; **~ абза́ц при чте́нии** цIалулаго абзац гьоркьоб биччазе

ОПУСТИ́ //ТЬСЯ *сов.* 1) гIодоб чIезе, гIодобе биччазе, гIодобе бачIине, гIодобе лъугьине; **~ться на стул** бакIида гIодов чIезе; **~лся тума́н** накIкI гIодобегIан бачIана 2) *перен. (нравственно)* вичча-вихъан вукIине; къадру хвезе, ◊ **у него́ ~лись ру́ки** гьов, щиб гьабилебали лъаларого, хутIана; гьосул сундего квер унеб гьечIо

ОПУСТОША́ТЬ *несов. см.* **опустоши́ ть**

ОПУСТОШЕ́НИЕ *с* 1) (*по гл.* **опустоши́ ть**) чIобоголъизаби, пасат гьаби 2) (*разрушение*) чIунтизаби, биххизаби 3) (*нравственное*) ракIчIунти, гIодовчIвай

ОПУСТОШЁННЫЙ, -ая, -ое (*лишенный нравственных сил*) гIодоб чIвараб, ракI чIунтараб

ОПУСТОШИ́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое чIунтизабулеб, пасалъи ккезабулеб, биххизабулеб; **~ые во́йны** чIунтизарулел рагъал (*чIунталил рагъал*)

ОПУСТОШИ́ ТЬ *сов.* 1) *что (разорить, уничтожить*) чIунтизабизе, биххизабизе 2) *что разг. (опорожнить)* чIобоголъизабизе, чIехьезе 3) *кого-что перен. (нравственно)* гIодоб чIвазабизе, ракI чIунтизабизе

ОПУ́ТАТЬ *сов. кого-что* 1) (*обмотать*) бухь-бухьине, жем-жемизе; *~ что-л.* **верёвкой** кварица *щибниги* бухь-бухьине 2) *перен. (сбить с толку)* мекъи ккезавизе, гьоркье рехизе, кьосинавизе

ОПУ́ ТЫВАТЬ *несов. см.* **опу́тать**

ОПУХА́ТЬ *несов. см.* **опу́хнуть**

ОПУ́ Х//НУТЬ *сов.* гьорозе; **у него́ щека́ ~ла** гъосул кIаркьен гьорона, гьорон кIодолъана

О́ПУХОЛЬ *ж* гьор(ой); **злока́чественная** ~ сахлъуларе гьорой

ОПУ́ ХШИЙ, -ая, -ое гьорораб

ОПУШ//И́ ТЬ *сов. что* 1) (*обшить по краям мехом*) рагIалдасан цIоко (*къехь*) ккквезе; **~ть рукава́ ме́хом** къвалазул рагIалдасан къехь (*цIоко*) ккквезе 2) (*покрыть собой*) тIад решттIине, тIад чIезе; бацизе; **и́ ней ~и́ л дере́вья** матIалъ гъутIби рацана (*гъутIбузда матI чIвана)* 3) (*покрыть пушком*) хIетрасалъ бахчизе; **глаза́, ~енные густы́ ми ресни́ цами** ризал тIелхаз рацарал берал

ОПУ́ ШК//А[1] *ж* рохьил рацIцIалъи, рохьил рагIал; **на ~е ле́са** рохьил рацIцIалъуда

ОПУ́ШКА[2] *ж* 1) (*по гл.* **опуши́ ть**) рагIалдасан къехь ккквей 2) (*меховая обшивка*) сверун ккураб къехь (*цIоко*)

ОПУЩЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **опусти́ть**) гIодобе биччай **2.** (*по гл.* **опусти́ться**) гIодобе ин: **3.** (*пропуск*) гьоркьоб биччай **4.** *мед.* гIодобегIан дали; **~ желу́дка** кванирукь гIодобегIан ин (дали)

ОПЫЛЕ́НИЕ *с* 1) (*по гл.* **опыли́ ть**) дару речIчIизаби 2) *бот.* хурдузул хьонтIи лъугьин

ОПЫ́ ЛИВАТЬ *несов. см.* **опыли́ ть** 2

ОПЫЛИ́ ТЬ *сов. что* 1) *бот.* хурдузул хьонтIи лъугьинабизе 2) *с.-х.* дару речIчIизабизе; **~ виногра́дники** цIолбол ахазда дару речIчIизабизе

ОПЫЛИ́ //ТЬСЯ *сов. бот.* хурдузул хьонтIи лъугьине; **цветы́ ~лись** тIугьдузул хьонтIи лъугьана

ОПЫЛЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **опыли́ ть(ся)**

О́ПЫТ *м* хIалбихьи; **жи́зненный ~** гIумруялъул хIалбихьи; **поста́вить ~** хIалбихьи гьабизе; **пе́рвый ~ молодо́го поэ́ та** гIолохъанав шагIирасул тIоцебесеб хIалбихьи

О́ПЫТНОСТ//Ь *ж* хIалбихьи букIин, ишалъул хIал лъай; **жите́йская ~ь** рукIа-рахъиналъул хIалбихьи букIин; **в рабо́те ему́ не хвата́ет ~и** хIалтIулъ гьесие хIалбихьи гIолеб гьечIо

О́ПЫТН//ЫЙ, -ая, -ое 1) хIалбихьи бугеб; **~ые ру́ки** хIалбихьи бугел кверал 2) хIалбихьиял гьарулеб; **~ый уча́сток** хIалбихьиял гьарулеб участок; **~ая ста́нция** *с.-х.* хIалбихьиял гьарулеб станция 3) (*пробный*) хIалбихьиялъе гьабулеб; **~ый полёт** хIалбихьиялъе гьабулеб роржен

ОПЬЯНЕ́НИЕ *с* мехти

ОПЬЯНЕ́ТЬ *сов.* 1) мехтизе 2) *перен.* рекIедаса ине, мехтизе; **~ от ра́дости** вохиялъ мехтарав чи гIадин вукIине, рекIедаса ине

ОПЬЯНИ́ //ТЬ *сов. кого-что* 1) мехтизавизе; **во́дка ~ла его́** гIаракъиялъ гъов мехтизавуна 2) *перен.* гIадал гьавизе, рекIедаса инавизе; мехтизавизе; **успе́х ~л его́** битIккеялъ бетIер сверизабуна гьесул

ОПЬЯНЯ́ ТЬ *несов. см.* **опьяни́ ть**

ОПЯ́ТЬ *нареч.* нахъеги, цойги нухалъ, цIидасан; **~ на́до е́хать** нахъеги ине ккола; ◊ **~ же, ~-таки** цIидасан, нахъеги; бугониги; амма

ОРА́ВА *ж разг.* руккел, къокъа; **~ дете́й** лъимазул къокъа

ОРАНГУТА́Н, ОРАНГУТА́НГ *м зоол.* орангутан, орангутанг (*кIудияб гIадамасда релълъараб маймалак*)

ОРА́НЖЕВЫЙ, -ая, -ое багIарлъиялде араб тIогьилаб кьералъул(аб) (*апельсиналъул кьералъул*)

ОРАНЖЕРЕ́ЙН//ЫЙ, -ая, -ое оранжереялъул(аб); **~ые ра́мы** оранжереялъул рамаби; **~ые цветы́** оранжереялда гIезарурал тIугьдул ◊ **~ое расте́ние** (*об изнеженном человеке*) цIакъ тамахав чи, веэдун хьихьарав чи

ОРАНЖЕРЕ́Я *ж* оранжерея (*тIугьдул, хурдул гIезарулеб цIер ккураб хинаб рукъ*)

ОРА́ТОР *м* оратор (I *кIалъазе вахъарав чи;* 2 *кIалъазе махщел бугев чи*)

ОРА́ТОРСКИЙ, -ая,-ое ораторасул(аб), ораторлъиялъул(аб); **~ тала́нт** ораторлъиялъул гьунар

ОРА́ТОРСТВОВАТЬ *несов. разг.* ораторлъи гьабизе, кIалъазе гьунар бугев чилъун вихьизави мурадалда халат бахъун кIалъазе

ОРА́ТЬ *несов. разг.* 1) (*кричать*) кутакалда ахIдезе, чIичIидизе; **~ во всё го́рло** бугеб-гьечIеб рухIалъ (щекъер бихъиледухъ) ахIдезе 2) (*громко плакать*) кутакалда гIодизе, леледизе 3) (*о птицах, животных*) чIиргъи-хъуй бахъинабизе, гIергIедизе 4) (*громко петь*) ахIдон, цIакъ гьаракь биччан, кечI ахIизе

ОРБИ́Т//А *ж* 1) *астр.* орбита (зодиб цIва-кан хьвадулеб нух); **земна́я ~а** дунялалъул орбита; **вы́йти на ~у** орбитаялде ккезе, орбитаялдасан ине; **по ~е вокру́г земно́го ша́ра** дунялалда сверун орбитаялда 2) (*глазница*) берзул свери 3) *перен. (сфера действия*) ишалъулаб гьоркьоблъи бугеб бакI; **втяну́ть** *кого-л.* **в ~у своего́ влия́ния** жиндирго ишалъулаб гьоркьоблъи бугеб бакIалде *щивниги* цIазе

О́РГАН *м* 1) *анат.* лага; **~ слу́ха** гIин, рагIи рагIиялъул лага; **~ зре́ния** бер, канлъи бихьиялъул лага 2) (*об учреждении*) орган; **ме́стные ~ы** бакIалъулал органал; **~ы государ́ственной вла́сти** пачалихъиял органал; **печа́тные ~ы** печаталъулал органал 3) *перен. чего (орудие, средство*) орган

ОРГА́Н *м муз.* орган (*музыкалияб тIагIел*)

ОРГАНИЗА́ТОР *м* гIуцIарухъан, организатор; **~ экску́рсии** экскурсиялъул организатор; **он хоро́ший ~** гъов лъикIав гIуцIарухъан вуго

ОРГАНИЗА́ТОРСКИЙ, -ая, -ое гIуцIарухъанасул(аб), организаторлъиялъул(аб)**,** гIуцIарухъанлъиялъул(аб); **~ тала́нт** гIуцIарухъанлъиялъулаб гьунар

ОРГАНИЗАЦИО́НН//ЫЙ, -ая, -ое гIуцIиялъул(аб); **~ые мероприя́тия** гIуцIиялъулал ишал

ОРГАНИЗА́ЦИЯ *ж* 1) (*по гл.* **организова́ть**) гIу́цIи; **пра́вильная ~ рабо́ты** хIалтIи битIун гIуцIи 2) (*по гл.* **организова́ться**) гIуцIи букIин **3.** (*объединение*) гIуцIи́ ; **профсою́зная ~** профсоюзияб гIуцIи́

ОРГАНИ́ЗМ *м* лага-черх, ургьимс; **у него́ си́льный ~** гъосул кIвакIараб, кIуватаб лага-черх буго

ОРГАНИЗО́ВАННО *нареч.* гIуцIа-къан, гIуцIадго; цадамадахъ; **де́йствовать ~** гIуцIа-къан иш гьабизе

ОРГАНИЗО́ВАННОСТЬ *ж* гIуцIи буголъи, гIуцIи; **~ рабо́чего кла́сса** хIалтIухъабазул классалъул гIуцIи буголъи

ОРГАНИЗО́ВАННЫЙ, -ая, -ое 1) (*планомерный*) планалда рекъон гьабулеб, гIуцIа-къараб 2) (*дисциплинированный*) гIадлунизам бугеб

ОРГАНИЗОВА́ТЬ *сов. и несов.* 1) *что (основать*) гIуцIизе; **~ литерату́рный кружо́к** литературияб кружок гIуцIизе 2) *что (наладить)* гьабизе, гIуцIизе; **~ соревнова́ния** къецал гьаризе 3) *кого-что (сплотить, объединить*) данде гьабизе, цолъизабизе 4) *что (внести порядок*) рукIалиде бачине, тартиб, низам чIезабизе; **~ свой рабо́чий день** жиндирго хIалтIул къоялъул тартиб чIезабизе, гIадму-низамалде бачине

ОРГАНИЗОВА́//ТЬСЯ *сов. и несов.* 1) (*возникнуть*) баккизе, бижизе, лъугьинне; **~лся музыка́льный кружо́к** музыкалияб кружок лъугьана, бижана 2) (*объединиться*) цолъизе, гъункизе; **~ться в отря́д** къокъаялде цолъизе

ОРГАНИЗО́ВЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **организова́ть(ся)**

ОРГАНИ́ СТ *м* орга́нчи (*орга́н хвалев чи, орга́налда бакънал рачунев чи*)

ОРГАНИ́ СТКА *ж* орга́нчIужу (орга́н хвалей гIадан)

ОРГАНИ́ЧЕСК//ИЙ[1], -ая, -ое 1) чIагояб; **~ий мир** чIагояб дунял; **~ая приро́да** чIагояб тIабигIат; **~ие вещества́** хIайваназул, хурдузул организмаби риххун, турун лъугьарал вещественаби; 2) *перен. (неразрывно связанный с чем-л.*) тIабигIияб; **~ие недоста́тки** тIабигIиял гIунгутIаби; **~ая потре́бность** тIабигIияб хIажалъи

ОРГАНИ́ЧЕСК//ИЙ[2], -ая, -ое *мед.* ургьимесалъул(аб); **~ие заболева́ния** ургьимесалъул унтаби

О́РГИЯ *ж* пасатаб куцалда гьекъолди, квана-гьекъей

ОРГТЕ́ХНИКА *ж* оргтехника *(нухмалъи гьабиялъе къваригIунел электрониял тIагIелазул гIаммаб цIар, мас.: компьютерал, факсал, телефонал)*

ОРДА́ *ж* 1) *ист.* орда (*гьоркьохъел векazул заманалда тюркazулги монголazулги чIахIиял феодалиял пачалихъазда абулеб букIараб цIар*) 2) *перен. (сборища)* хъачагъазул къокъа, низам гьечIеб руккел

О́РДЕН *м* 1) орден (*мн.* **ордена́**); **~ Ле́нина** Ленинил орден 2) (*мн.* **о́рдены**) *ист.* орден (*хасаб уставги бугеб монахазул яги рыцаразул гIуцIи*); цо-цо балъгоял гIуцIабазул цIар

ОРДЕНОНО́СЕЦ *м* орден босарав чи, орден щвараб организация, идара

ОРДЕНОНО́СНЫЙ, -ая, -ое орден щвараб, орден босараб; **~ заво́д** орден щвараб завод

О́РДЕНСК//ИЙ, -ая, -ое орденалъул; **~ая кни́жка** ордена-лъул книжка

О́РДЕР *м* (*мн.* **ордера́**) ордер (*щибниги босизе, щвезе бихьизабун кьураб кагъат*); **~ на кварти́ру** квартираялъе ордер

ОРДИНА́РЕЦ *м воен.* ординарец (*командирасда цадахъ дове-гьаниве витIизе, тIадкъаял кьезе вугев аскарияв*)

ОРДИНА́РНЫЙ, -ая, -ое гIадатаб, батIаго хаслъи гьечIеб; **~ слу́чай** гIадатаб лъугьа-бахъин

ОРДИНА́ТА *ж мат.* ордината

ОРДИНА́ТОР *м* ординатор (*больницаялда, клиникаялда отделениялъул заведующиясул нухмалъиялда гъоркь хIалтIулев тохтир*)

ОРЁЛ *м* 1) *зоол.* цIум 2) *перен. (о сильном, гордом человеке*) цIум ◊ **~ или ре́шка** бичч-бакъ (биччищ-бакъищ)

ОРЕО́Л *м* 1) (*сияние*) сунданиги сверун бугеб гвангъараб канлъул свери, кунчIи 2) *перен. лъилниги гьабулеб* кIудияб хIурмат, щвараб кIудияб цIар; **в ~е сла́вы** щвараб цIаралъул реццалда (гъоркь)

ОРЕ́Х *м* 1) (*плод*) цIулакьо; **гре́цкий ~** парсцIулакьо 2) (*древесина*) цIулакьодул цIул; **стол из ~а** цIулакъодул цIулал стол ◊ **ему́ доста́лось на ~и** гьесие квеш ккана, лъикIаб тамихI гьабуна; **разде́лать под ~** кутакалда семизе; къецалъулъ бергьине, тIалъи босизе

ОРЕ́ХОВ//ЫЙ, -ая, -ое 1) цIулакьодул; **~ая скорлупа́** цIулакьодул гIабул; **~ый то́рт** цIулакьо гъорлъ бугеб торт 2) (*цвет*) цIулакьодул цIулал кьералъул

ОРЕ́ШЕК *м уменьш. от* **оре́х** ◊ **кре́пкий ~** цIакъ захIматав чи; захIматаб иш

ОРЕ́ШНИК *м* рохьил цIулакьо (*багIарцIулакьо*); рохьил цIулакьодул хъархъал рижараб бакI

ОРИГИНА́Л *м* 1) (*подлинник*) оригинал; **~ портре́та** портреталъул оригинал 2) *разг. (чудак)* тамашияб гIамал-хасияталъул чи; **он – большо́й ~** гъов тамашияб гIамал-хасияталъул чи вуго

ОРИГИНА́ЛЬНИЧАТЬ *несов.* жиндехун гIадамазул кIвар буссинабулел тамашаял ишал гьаризе, гьарулел ишазулъ (пикрабазулъ) цогидазда релълъинчIев чилъун вукIине жигар бахъизе; хIазе

ОРИГИНА́ЛЬНОСТЬ *ж* 1) оригинал букIин; **установи́ ть ~ ру́кописи** квералъ хъвараб (*кагъат, тIехь…*) оригинал букIин чIезабизе 2) (*своеобразность*) жиндирго хаслъи, (*илмагIлъи*) букIин, гIадатияб гуреб букIин; **~ за́мысла** ургъараб жоялъул жиндирго хаслъи букIин (гIадатияб гуреб букIин)

ОРИГИНА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*подлинный*) хIакъикъияб, оригиналияб, жиндирго квералъ хъвараб 2) жиндиего хасаб, илмагIаб, гIадатияб гуреб; **~ое сочине́ние** гIадатияб гуреб сочинение

ОРИЕНТАЛИ́ЗМ *м* ориентализм (*бакъбаккул улкаби, гьезул культура лъазаби*)

ОРИЕНТАЛИ́СТ *м* ориенталист (*бакъбаккул улкабазул тарих, экономика, мацIал, маданият лъазабулеб гIелмуялъул специалист*)

ОРИЕНТА́ЦИЯ *ж* 1) (*определение своего местонахождения*) живго вугеб бакI лъазаби 2) *перен. (умение разбираться в чем-л.*) ишалъулгун лъай-хъвай букIин, нух бахъизе лъай 3) *перен. (направленность деятельности*) иш (пикру) цо рахъалде балагьизаби (буссинаби); **~ на де́тский во́зраст** лъималазул ригьалъул хаслъабазде пикру буссинаби

ОРИЕНТИ́ Р *м* гIуж, гIаламат, нух; **световóй ~** канлъул гIуж, гIаламат; **вы́ брать прáвильный ~** битIараб нух тIаса бищизе

ОРИЕНТИ́РОВАТЬ *сов. и несов.* 1) *кого-что (правильно направлять*) битIараб нухде ккезабизе, рекъон ккезабизе, хасаб нухдасан балагъизабизе; **~ косми́ческий кора́бль в полёте** космосалъул гамил боржин битIараб нухде ккезабизе 2) *кого на что, в чем* бичIчIи кьезе, баян гьабизе, кIвар буссинабизе; **~ в вопро́сах поли́тики** политикиял суалазда тIасан бичIчIи кьезе; **их сле́дует ~ на испóльзование мéстных ресýрсов** бакIалъулал бечелъабаздаса пайда босиялде кIвар буссинабизе ккела гьезул

ОРИЕНТИ́ РОВАТЬСЯ *сов.* и *несов.* 1) вугеб бакI лъазе; **хорошó ~ в лесý** рохьов живго вугеб бакI лъикI лъазе 2) *на кого-что перен.* хIисабалде босизе; **при написáнии статьи́ ~ на мáссового читáтеля** макъала хъвалаго, киналго цIалдолезул хIисаб гьабизе

ОРИЕНТИРÓВКА *ж* 1) (*по гл.* **ориенти́ровать**) вугеб бакI лъазаби, нух бахъун бажари 2) (*по гл.* **ориенти́роваться**) вугеб бакI лъай, нух бахъи 3) *перен. (умéние разобрáться в окружáющей обстанóвке*) сверун бугеб ахIвал-хIал бичIчIизе кIвей

ОРИЕНТИРÓВОЧНО *нареч. (приблизительно, предварительно)* гIага-шагарго; цебеккунго хIисабалде босун

ОРИЕНТИРÓВОЧНЫЙ, -ая, -ое 1) (*служащий для определения положения*) вугеб бакI лъаялъе бугеб; **~ знак** бугеб бакI лъазабулеб гIаламат, гIуж 2) (*приблизительный, предварительный*) гIага-шагараб, лъай-хъвай гьабизе гIураб къадаралъул, мисалияб; **~ план** гIага-шагараб план

ОРКÉСТР *м* оркестр (1 *батIи-батIиял алатаз цадахъ музыкалияб асар бачунезул къокъа*; 2 *асар бачунаго, хIалтIизарулел музыкалиял алатал*); **~ стрýнных нарóдных инструмéнтов** чIваби ругел халкъиял алатазул оркестр

ОРКЕСТРÁНТ *м* оркестрчи (*оркестралда музыка бачунев чи*)

ОРКЕСТРÁНТКА *ж* оркестрчIужу (*оркестралда музыка бачуней гIадан*)

ОРКЕСТРОВÁТЬ *сов.* и *несов. что* музыкалияб асар оркестралъе рекъезабизе

ОРКЕСТРÓВКА *ж* оркестралъе музыкалияб асар рекъезаби

ОРКЕСТРÓВ//ЫЙ, -ая, -ое оркестралъул(аб), оркестралда хурхараб; **~ая репети́ция** оркестралъул репетиция; оркестралъ бачине бугеб; оркестралъе хъвараб

ОРЛÁ, орлý *и т.д. род., дат. и т.д. от* **орёл**

ОРЛ//ЁНОК *м* (*мн.* **~я́ та**) цIудутIинчI

ОРЛИ́ НЫЙ, -ая, -ое цIудул; **~ клюв** цIудул гозо; **орли́ ное гнездó** цIудул бусен

ОРНÁМЕНТ *м* накъищ

ОРНИТОЛÓГИЯ *ж* орнитология (*хIанчIазул хIакъалъулъ бицунеб зоологиялъул бутIа*)

ОРОБÉТЬ *сов.* хIинкъизе, хIинкъун лъугьине, виххизе

ОРОСИ́ ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое лъалъадиялъул(аб), лъалъадизе бугеб; **~ые рабóты** лъалъадиялъулал хIалтIаби; **~ые канáлы** лъалъадизе ругел каналал

ОРОСИ́ //ТЬ *сов. что* 1) (*смочить*) биччизабизе (*цIад бан*), лъалъазе; **дождь ~л зéмлю** цIадаца ракь биччизабуна 2) (*обводнить*) лъеда хьезабизе; **~ть стéпи** авлахъал лъеда хьезаризе

ОРОШÁТЬ *несов. см.* **ороси́ ть**

ОРОШЕ́НИЕ *с* лъалъай, лъалъади; **~ пóля** хур лъалъай

ОРТОПÉД *м* ортопед, ортопедиялъул тохтур

ОРТОПЕДИ́ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое ортопедиялъул, ортопедиялда хIалтIизабулеб; **~ая óбувь** хIатIазул гьетIа-кIичIи бугез ретIунел хIатIидажал (*хьитал*)

ОРТОПÉДИЯ *ж* ортопедия (*мугъзал, хIетI-квералъул ва цогидалги лугбузул гьетIа-кIичIи лъазабулеб ва гьел ритмизариялда тIад хIалтIулеб медицинаялъул цо бутIа*)

ОРУ́ , орёшь и *т.д. наст. от* **ора́ть**

ОРУ́ ДИ//Е *с* 1) *прям, перен.* алат, тIагIел; **~я трудá** хIалтIул алатал; **язы́ к – ~е обще́ния** мацI ккола гара-чIвариялъул алат 2) *воен.* гIарада

ОРУДИ́ЙНЫЙ, -ая, -ое гIарададул; **~ залп** гIарададул залп (*гIарада бай*)

ОРУ́ ДОВАТЬ *несов.* 1) *чем* хIалтIизабизе; **лóвко ~ топорóм** махщалида гIощтIоца хIалтIизе (гIащтIи хIалтIизабизе) 2) (*действовать*) хIалтIи гьабизе (*лъиданиги данде*), балъго хIалтIизе 3) (*хозяйничать*) бетIергьанлъи гьабизе, хIалтIизабизе

ОРУЖЕ́ЙНИК *м* яргъил устар

ОРУЖЕ́ЙНЫЙ, -ая, -ое яргъил(аб), ярагъ гьабулеб; **~ завóд** ярагъ гьабулеб завод; **~ склад** яргъил склад

ОРУ́ ЖИ//Е *с* 1) *собир.*ярагъ; **холóдное ~е** кьвагъулеб гуреб ярагъ; **огнестре́льное ~е** кьвагъулеб ярагъ; **с ~ем в рукáх** кодоб ярагъгун; **товáрищи по ~ю** рагъулал гьалмагъзаби; **си́лой ~я** яргъил (*къуваталдалъун*) кумекалдалъун; **к ~ю!** ярагъ кодобе босе! 2) *перен.* къуват, ярагъ; **печáть – могýчее ~е** печать буго кIудияб къуват; **сложи́ ть ~е** ярагъ гIодоб лъезе; **подня́ ть ~е** ярагъ кодобе босизе, ярагъгун къватIире рахъине

ОРФОГРАФИ́ ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое битIунхъваялъул(аб); **~ая оши́бка** битIунхъваялъулаб гъалатI; **~ий слова́рь** битIунхъваялъул словарь

ОРФОГРÁФИЯ *ж* орфография, битIунхъвай, битIунхъваялъул къагIидаби цIуни

ОРФОЭПИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое битIун абиялъул(аб); **~ слова́рь** битIун абиялъул словарь

ОРФОЭ́ПИЯ *ж* орфоэпия, битIун аби, рагIаби битIун абиялъул къагIидаби цIуни

ОСÁ *ж зоол.* кьýжна

ОСÁДА *ж* сверун кквей (*бахъиялъул мурадалда щула гьабураб бакI аскараз сверун кквей*)

ОСАДИ́ ТЬ[1] *сов.* 1) *что* сверун кквезе; **~ гóрод** шагьар сверун кквезе 2) *кого чем перен. разг.* тIаделъизе; **~ прóсьбами о пóмощи** кумек гьабейилан гьарун тIаделъизе

ОСАДИ́ТЬ[2] *сов. что* 1) гъорлъе (*гIодобе*) инабизе; **~ сва́ю** хIуби гIодобе инабизе 2) *хим.* тIокIкIинабизе, ахаде инабизе, батIа гьабизе

ОСАДИ́ТЬ[3] *сов.* 1) *кого-что (остановить)* занкIан, (циндаго) чIезабизе, нахъе къазабизе; **~ лóшадь** чу занкIан чIезабизе 2) *кого перен. (одернуть)* гIодове вуссинавизе, чIезавизе; **~ наха́ла** ничгьечI чIезавизе (гIодове вуссинавизе)

ОСÁДКА *ж* 1) та́нки, гIодобе ин; **~ фунда́мента** кьучI танки (бакI тей) 2) *мор.* гамил лъадалъе тIерхьараб къадар

ОСÁДН//ЫЙ, -ая, -ое сверун ккураб; **~ое положе́ние** сверун ккураб хIал

ОСÁД//ОК *м* 1) *хим.* аххакь, тIинда ккараб жо 2) *геол.* **~ки** цебего хIорил тIинда аххакьалдасан лъугьараб жо 3) (*отстой*) аххада, тIинда чIараб жо; **~ок в вине́** чагъиралъул аххада ккараб жо 4) (*неприятное чувство*) асар, хутIел; **у меня́ оста́лся непри́ят-ный ~ок от на́шего разгово́ра** нилъер гара-чIвариялдаса хадуб дилъ рокьукъаб асар хутIана 5) *мн.* **~ки** *метео.* ралел жал (*цIад, гIазу, горо*); **ожида́ются ~ки в ви́ де дождя́ и сне́га** гIазуги цIадги (*жубараб жо*) базе буго

ОСÁДОЧН//ЫЙ, -ая,-ое 1) *хим.* тIинда ккараб, аххаде араб; **~ слой** тIинда ккараб гъат 2) *геол.* цебего тIинде ккун лъугьараб; **~ые го́рные поро́ды** церего тIинде ккун лъугьарал ракьулъа рахъулел магIданал 3) *щибниги* аххада ккезе, (тIокIкIине) тIолеб; **~ый чан** *щибниги* тIокIкIине тIолеб цIулал къали

ОСАЖДÁТЬ[1,2] *несов. см.* **осади́ ть**[1,2]

ОСАЖДÁТЬСЯ *несов.* 1) аххакь ккезе, тIинда ккезе 2) *геол.* цебегоялдаса нахъе тIинда ккезе 3) *метео* базе (*гIазу, цIад*)

ОСÁЖИВАТЬ *несов. см.* **осади́ ть**[3]

ОСÁНИСТЫЙ, -ая, -ое къартI бугев; **~ мужчи́на** къартI (куц-мухъ, лага-щват) бугев бихьинчи

ОСÁНКА *ж* лага-щват, куц-мухъ; **у неё хоро́шая ~** гьолъул лъикIаб лага-черх буго

ОСВÁИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **освóить(ся)**

ОСВЕДОМИ́ТЕЛЬ *м лъиениги* баян кьолев, *лъилниги-сундулниги хIакъалъулъ* бицунев, хабар лъазабулев чи

ОСВЕДОМИ́ ТЕЛЬНИЦА *ж лъиениги* баян кьолей, *лъилниги-сундулниги хIакъалъулъ* бицуней, хабар лъазабулей гIадан

ОСВЕ́ДОМ//ИТЬ *сов. кого-что лъиениги* баян кьезе, бицине, хабар лъазабизе; **он не ~лен об э́ том** гьосда гьелъул хIакъалъулъ бицун гьечIо

ОСВЕ́ДОМИТЬСЯ *сов.* цIехезе, баян лъазе, хабар лъазе; **~ о здоро́вье** унта-щокълъи цIехезе

ОСВЕДОМЛЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **осве́домить**) баян кьей, бицин, хабар лъазаби **2.** (*по гл.* **осве́домиться**) цIехей, хабар лъай

ОСВЕДОМЛЁННОСТЬ *ж* лъалеб букIин, баян букIин

ОСВЕДОМЛЁННЫЙ, -ая, -ое лъалев, баян бугев (*лъилниги-сундулниги хIакъалъулъ*)

ОСВЕДОМЛЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **осве́домить(ся)**

ОСВЕЖА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **освежи́ ть(ся)**

ОСВЕЖЕВА́ТЬ *сов. кого-что* ччукIа-рукIизе, ччукIизе, ччукIун бацIцIад гьабизе

ОСВЕЖИ́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое цIилъи чIвазабулеб, гьогьомизабулеб

ОСВЕЖИ́//ТЬ *сов.* 1) *что (сделать свежим*) цIигьабизе, гьогьомизабизе, бацIцIад гьабизе; **~ть во́здух в ко́мнате** рокъоб гьава бацIцIад гьабизе; **~ть кра́ски в портре́те** портреталъул (сураталъул) релъаби цIигьаризе 2) *кого-что (восстановить силы*) чIаголъи чIвазабизе; **о́тдых ~л меня́** хIухьбахъиялъ дида чIаголъи чIвазабуна 3) *что (возобновить в памяти*) ракIалде щвезабизе, ракIалде бачIинабизе 4) *что* хиса-баси гьабизе; **~ть соста́в чле́нов коми́ ссии** комиссиялъул членазул хиса-баси гьабизе

ОСВЕЖИ́ТЬСЯ *сов.* 1) (*проветриться*) бацIцIалъизе, гьогьомизе, цIилъизе 2) (*восстановить силы*) чIаголъи чIвазе 3) (*восстановиться в памяти*) ракIалде щвезе, ракIалде бачIине

ОСВЕТИ́ ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое канлъи кьолеб; **~ые прибо́ры** канлъи кьолел приборал (алатал)

ОСВЕТИ́//ТЬ *сов.* 1) *кого-что* гвангъизабизе, канлъи речIчIизабизе; **со́лнце ~ло верши́ ны гор** бакъуца мугIрузул тIогьал гвангъизаруна 2) *что перен.* баян гьабизе, бичIчIизабизе; **~ть вопро́сы** суалал ричIчIизаризе 3) *кого-что перен. (оживить)*: **улы́бка ~ла её лицо́** гьимиялъ чIаголъизабуна гьелъул гьумер

ОСВЕТИ́ //ТЬСЯ *сов. прям., перен.* канлъи речIчIизе, гвангъизе; **ко́мната ~лась со́лнцем** бакъ речIчIун, рукъ гвангъана; **его́ лицо́ ~лось ра́достной улы́бкой** гьесул гьумер рохалилаб гьимиялъ гвангъана

ОСВЕЩА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **освети́ ть(ся)**

ОСВЕЩЕ́НИЕ *с* 1) (*по гл.* **освети́ть**) гвангъизаби; канлъи речIчIизаби; **~ кварти́ры** рукъ гвангъизаби 2) (*свет*) канлъи; **вече́рнее ~** къасисеб канлъи; **иску́сственное ~** бакъул гуреб канлъи 3) (*оборудование*) канлъи, чирахъал рачин; **провести́ электри́ ческое ~** электрикалъул канлъи бачине 4) *перен. (объяснение)* баян гьаби, бичIчIизаби; **дать пра́вильное ~ фа́ктам** хIужжаби битIун ричIчIизаризе

ОСВИДЕ́ТЕЛЬСТВОВАТЬ *сов. кого-что* бугеб хIал лъазабизе; **~ больно́го** унтарасул бугеб хIал лъазабизе

ОСВИСТА́ТЬ *сов. кого-что* гьещтIон разилъунгутIи загьир гьабизе

ОСВИ́ СТЫВАТЬ *несов. см.* **освиста́ть**

ОСВОБОДИ́ ТЕЛЬ *м* жиндица эркенлъи кьурав чи

ОСВОБОДИ́ ТЕЛЬНИЦА *ж* жиндица эркенлъи кьурай гIадан

ОСВОБОДИ́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое эркенлъиялъе гIоло гьабулеб, эркен гьабулеб; **~ая война́** эркенлъиялъе гIоло гьабулеб рагъ; **~ое движе́ние** эркенлъиялъе гIоло (*гьабулеб*) багъа-бачари

ОСВОБОДИ́ТЬ *сов.* 1) *кого-что* эркен гьабизе, борчIизабизе; **~ заключённых** жанир тIамурал эркен гьаризе; **~ из плена́** асирлъудаса ворчIизавизе; **~ от во́инской обя́ занности** рагъухъанасул борчалдаса эркен гьавизе 2) *кого-что (избавить)* хвасар гьабизе, эркен гьабизе; **~ от наказа́ния** тамихIалдаса ворчIизавизе; **~ от врага́ родну́ю зе́млю** гIагараб ракь тушманасдаса хвасар гьабизе 4) *кого (уволить)* эркен гьавизе, нахъе рехизе; **~ от занима́емой до́лжности** хъулухъалдаса эркен гьавизе 5) *что (очистить)* бацIцIад гьабизе, бакI бахъизе, эркен гьабизе; **~ по́лку для книг** тIахьазе, (тIахьал лъезе) хъарщи эркен гьабизе; **~ ме́сто для шка́фа** шкафалъе бакI бахъизе

ОСВОБОДИ́ //ТЬСЯ *сов.* 1) (*стать свободным*) эркенлъизе 2) (*избавиться*) хвасарлъизе; **~ться от наказа́ния** тамихIалдаса хвасарлъизе 3) (*стать незанятым*) чIобоголъизе; **ко́мната ~ла́сь** рукъ чIобоголъана

ОСВОБОЖДА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **освободи́ ть(ся)**

ОСВОБОЖДЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **освободи́ ть**) 1) эркен гьаби, хвасар гьаби 2) нахъе рехи 3) бацIцIад гьаби **2.** (*по гл.* **освободи́ -ться**) 1) эркенлъи, хвасарлъи 2) бацIцIалъи

ОСВОЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **осво́ить**) лъазаби, пайда боси, хIалтIизаби; **~ но́вой те́хники** цIияб техника лъазаби; **~ цели́нных земе́ль** гIуру къарал ракьал хIалтIизари; **~ косми́ческого простра́нства** космосалдаса (космосалъул гIатIилъиялдаса) пайда боси

ОСВО́ИТЬ *сов. что* 1) лъазабизе, ботIролъе босизе; **~ сапо́жное ремесло́** хьитазул устарлъи лъазабизе; **~ прочи́танный матери́ал** цIалараб материал лъазабизе, ботIролъе босизе 2) (*обжить*) хIалтIизабизе, пайда босизе; **~ но́вые зе́мли** цIиял ракьал хIалтIизаризе

ОСВО́ИТЬСЯ *сов.* 1) (*почувствовать себя привычно*) рекъарешон ккезе 2) (*привыкнуть*) ругьунлъизе, тIад рекъезе; **~ с** *какой-л.* **мы́слью** *кинаб бугониги* пикруялда тIад рекъезе 3) (*постичь, усвоить*) нахъгIунтIизе, лъазе; **~ с э́той терминоло́гией** гьаб терминологиялда нахъгIунтIизе

ОСЕДА́НИЕ *с* (*по гл.***оседа́ть**) 1) гьорлъе ин, гIодобе ин 2) гIодобе ккей 3) сукI-сукIун ин 4) тIад чIей (*хIур*)

ОСЕДА́ТЬ *несов. см.* **осе́сть**

ОСЕДЛА́ТЬ *сов. кого-что* кьолозе, кьили чIвазе; **~ ло́шадь** (*коня*) чу кьолозе 2) *перен. разг.* тIад рекIине, кьан базе; **~ бревно́** рахиялда кьан базе 3) *перен. воен.* бахъизе, квершел гьабизе, тIубан мукIур гьабизе

ОСЕ́ДЛ//ЫЙ, -ая, -ое даим цо бакIалда чIун, яшав гьабулев, гочунарев; **~ое населе́ние** даим цо бакIалда чIун, яшав гьабулеб халкъ; **вести́ ~ый о́браз жи́зни** даим цо бакIалда чIараб гIумру гьабизе

ОСЁЛ *м* 1) *зоол.* хIама

ОСЕЛО́К *м* 1) (*точильный камень*) бахкен, хоно 2) (*камень для испытания драгоценных металлов*) оселок (*къиматал металлазул хIал бихьулеб гамачI*)

ОСЕМЕНЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **осемени́ ть**) *с.-х.* хьон биччай; **иску́сственное ~ ове́ц** куй биччачIого, чахъабазде хьон биччай

ОСЕМЕНИ́ ТЬ *сов.кого с.-х.* хьон биччазе

ОСЕНИ́ТЬ *сов. кого безл. (прийти на ум)* 1) токлъукье ракIалде бачIине 2) бацизе, бахчизе (*жиндицаго, жиндир рагIадалъ*)

ОСЕ́НН//ИЙ, -яя, -ее хаслихълъиялъул, хаслихлъиялда хурхараб; **~ие цветы́** хаслихъе тIугьдул

О́СЕНЬ *ж* 1) хасалихълъи; **по́здняя ~** кватIараб хасалихълъи; **ра́нняя ~** цудунаб хасалихълъи; **дождли́ вая ~** цIадал хIалаб хаслихълъи 2) *перен.* нахъбекараб заман; **~ жи́зни** гIумру нахъбекараб заман

О́СЕНЬЮ *нареч.* хаслихъе; **~ про́шлого го́да** араб соналъул хаслихъе

ОСЕ́//СТЬ *сов.* 1) (*опуститься в землю*) гьварилъуде ине, ракьулъе ине; **зда́ние ~ло** мина ракьулъе ун буго 2) (*образовать осадок*) тIинда ккезе, аххаде ине 3) (*покрыть слоем*) тIад чIезе; **пыль ~ла** хIур тIад чIана 4) (*поселиться*) цо бакIалде вахъун, гIумру гьабизе

ОСЕТИ́ Н *м* гьирияв, асатIинав

ОСЕТИ́ НКА *ж* гьирияй, асатIинай

ОСЕТИ́ НСКИЙ, -ая, -ое гьириязул; **~ язы́ к** гьириязул мацI

ОСЕТИ́ НЫ *мн.* гьириял, асатIинал

ОСЁТР *м* осетр ччугIа

ОСЕТРИ́ НА *ж* осетр ччугIил гьан

ОСЕ́ЧК//А *ж* чвархъун хутIи; **ружьё дало́ ~у** туманкI чвархъун хутIана

ОСИ́ ЛИВАТЬ *несов. см.* **оси́ лить**

ОСИ́ ЛИТЬ *сов.* 1) *кого-что (побороть*) бергьине, къезабизе, къуркьизабизе 2) *что (одолеть)* (лъазабун) бажаризе

ОСИ́ НА *ж бот.* лъор

ОСИ́НОВ//ЫЙ, -ая, -ое лъоралъул (лъорил); **~ые дрова́** лъоралъул цIул; ◊ **дрожа́ть как ~ый лист** лъоралъул тIамах гIадин сородизе (цIакъ кутакалда сородизе)

ОСИ́ Н//ЫЙ, -ая, -ое кьужнайил; **~ый рой** кьужнайил руккел; ◊ **~ая та́лия** цIакъ тIеренаб рачелкъай

ОСИ́ПЛЫЙ, -ая, -ое гьварараб, къиналде ккараб; **~ го́лос** гьварараб гьаракь

ОСИ´ ПНУТЬ *сов. (потерять голос)* гьаракь къине

ОСИРОТЕ́Л//ЫЙ, -ая, -ое 1) бесдаллъараб; **~ые де́ти** бесдаллъарал лъимал 2) *перен. (опустевший)* чIобоголъараб, рехун тараб

ОСИРОТЕ́ТЬ *сов.* 1) бесдаллъизе 2) *перен. (опустеть)* чIобоголъизе, рехун тезе

ОСКА́Л *м:* жирараб, цаби цере рараб кIал; гьанчи

ОСКА́ЛИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **оска́лить(ся)**

ОСКА́ЛИТЬ *сов.* гьанчун гажал рихьизаризе

ОСКА́ЛИТЬСЯ *сов.* жиризе, гьанчизе

ОСКАНДА́ЛИТЬСЯ *сов разг.* суризе, нечараб хIалалде ккезе

ОСКВЕРНЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **осквернѝ ть**) инжит гьаби, чорок гьаби, къадру хвезаби, гIодовегIан гьави, тIанкI лъей

ОСКВЕРНИ´ ТЬ *сов. кого-что* инжит гьабизе, чорок гьабизе, къадру хвезабизе, хъублъизабизе, гIодовегIан гьавизе, тIанкI лъезе

ОСКВЕРНЯ´ ТЬ *несов. см.* **осквернѝ ть**

ОСКО́ЛОК *м* 1) кесек, рекел; **~ снаря́ да** гIарададул гуллил кесек 2) *перен.:* **~ про́шлого** некIо заманалъул, некIсиялъул, аралъул хутIел

ОСКО́ЛОЧН//ЫЙ, -ая, -ое кесказ лъугьинабураб, лъураб; кескал лъугьунеб, тIутIун бачIунеб, бихъ-бихъун унеб; **~ая бо́мба** кескал лъугьун, бихъулеб бомба; **~ое ране́ние** кескал речIчIун, лъукъараб бакI, гIарададул гулла бихъ-бихъун ун, щвараб ругъун

ОСКО́МИН//А *ж* кIал лъвартIи; **наби́ть ~у:** а) (*от чего-л. кислого*) цаби секкезе б) (*очень надоесть*) чIалгIине, бутIине

ОСКОПИ´ ТЬ *сов. кого* сверизе, бахъизе, ахталъизабизе

ОСКОПЛЯ´ ТЬ *несов.см.* **оскопи´ ть**

ОСКОРБИ́ТЕЛЬ *ж* жиндица *щивниги* хIакъир, инжит гьаврав чи

ОСКОРБИ́ТЕЛЬНИЦА *ж* жиндица *щивниги* хIакъир, инжит гьаврай гIадан

ОСКОРБИ́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое инжит гьавулеб, хIакъир гьавулеб, къабихI гьавулеб; **~ый тон** инжит гьарулеб хасияталъул кIалъай; **~ые слова́** хIакъир гьарулел ргIаби

ОСКОРБИ´ //ТЬ *сов. кого-что* инжит гьавизе, хIакъир гьавизе, къабихI гьавизе; **он ~л вас** гъос нуж хIакъир гьаруна ◊ **~ть де́йствием** кьабизе, гьурмалъ хъат кьабизе

ОСКОРБИ´ ТЬСЯ *сов.* квеш букIине, рекIее захIмалъизе, рекIеда унтизе

ОСКОРБЛЕ́НИЕ *с* 1) (*по гл.* **оскорби´ ть**) инжит гьави, хIакъир гьави, къабихI гьави 2) (*по гл.* **оскорби´ться**) квеш букIин, рекIее захIмалъи, рекIеда унти 3) (*поступок, слово*) рекIее захIмалъараб жо (*ргIи*), рекIеда квеш букIараб жо, рекIеда унтулеб жо

ОСКОРБЛЯ´ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **оскорби´ ть(ся)**

ОСКУДЕВА́ТЬ *несов. см.* **оскуде́ть**

ОСКУДЕ́ТЬ *сов.* мискинлъизе, хъарцинлъизе, язихълъизе

ОСЛА́, ослу́ и *т.д. род., дат. п. и т.д. от* **осёл**

ОСЛАБЕВА́ТЬ *несов. см.* **ослабе́ть**

ОСЛАБЕ́//ТЬ *сов.* 1) загIиплъизе, хIал дагьлъизе, тIеренлъизе; **по́сле боле́зни ребёнок о́чень ~л** унтудаса хадуб лъимер цIакъ загIиплъана 2) (*притупиться*) дагьлъизе; **у меня´ ~ло зре́ние** дир канлъи дагьлъана 3) (*стать менее интенсивным*) секьизе, гIодоцине; **ве́тер ~л** гьури секьана

ОСЛА́БИ//ТЬ *сов.* 1) *кого-что (лишить силы)* хIал дагьлъизабизе, загIиплъизабизе; **~ть неприя´теля** тушман загIиплъизавизе 2) *что (уменьшить силу*) хIал дагьлъизабизе, чучлъизабизе; **~ть давле́ние** тIадецуй чучлъизабизе 3) *что (распустить – узел и т.п.*) чучизе, биччазе; **он ~л подпру́ги** гъос къвал чучана 4) *что (смягчить)* бигьалъизабизе, тамах гьабизе; **~ть наказа́ние** тамихI бигьалъизабизе

ОСЛАБЛЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **осла́бить**) 1) загIиплъизаби 2) чучлъизаби 3) бигьалъизаби

ОСЛАБЛЯ´ ТЬ *несов. см.* **осла́бить**

ОСЛА́БНУТЬ *сов. разг. см.* **ослабе́ть**

ОСЛА́ВИТЬ *сов. кого-что разг.* квешаб цIар чIван, ргIизавизе, суризавизе

ОСЛАВЛЯ´ ТЬ *несов. см.* **осла́вить**

ОСЛ//ЁНОК *м* (*мн.* **~я´ та**) кIерт, хIамикIерт

ОСЛЕПИ́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое 1) берал бецлъизарулеб, цIакъ гвангъараб; **~ый свет** цIакъ гвангъараб канлъи 2) *перен.* гIажаибаб, кIудияб асар гьабулеб; **~ая красота́** бадибе кIанцIун бачIунеб берцинлъи

ОСЛЕПИ́ТЬ *сов. кого* 1) (*лишить зрения*) бецлъизавизе 2) (*ярким светом*) канлъуца берал рухIизаризе, канлъи босизабизе; **~ лучо́м проже́ктора** прожекторалъул чIоралъ берал рухIизаризе, канлъи босизабизе 3) *перен.*канлъи босун ине; **извини´те, меня´ ослепи´ ла ре́вность** тIаса лъугьа, дун щакдариялъ бец гьавуна

ОСЛЕПЛЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **ослепи´ ть**) 1) берал рухIизари 2) бецлъизави **2.** *перен.* канлъи босун ин

ОСЛЕПЛЯ´ ТЬ *несов. см.* **ослепи´ ть**

ОСЛЕ́П//НУТЬ *сов.* бецлъизе; **она́ ~ла на оди´н глаз** гъолълъул цояб бер бецлъана

ОСЛИ´ Н//ЫЙ, -ая, -ое *прям., перен.* хIамил; **~ые у́ши** хIамил гIундул; **~ое упря´ мство** хIамил гIадаб гIамаликълъи

ОСЛОЖНЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **осложня´ть**) захIмалъизаби **2.** (*по гл.* **осложни´ться**) захIмалъи 3) (*следствие болезни*) тIаде цIикIкIин, цIикIкIун унти

ОСЛОЖНИ´ //ТЬ *сов. что* 1) захIмалъизабизе; **~ть де́ло** иш захIмалъизабизе 2) тIаде цIикIкIинабизе; **э´ то ~ло боле́знь** гьелъ унти тIаде цIикIкIинабуна

ОСЛОЖНИ´ //ТЬСЯ *сов.* 1) захIмалъизе, бигьине; **де́ло ~лось** иш захIмалъана, бигьана 2) тIаде цIикIкIине; **скарлати´ на ~лась воспале́нием по́чек** скарлатинаялда тIаде ургьисалабиги гьорона (скарлатина тIадеги цIикIкIана, ургьисалаби гьороялъ)

ОСЛОЖНЯ´ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **осложни´ ть(ся)**

ОСЛУ́ШАТЬСЯ *сов. кого-чего разг.* мутIигIлъунгутIизе, малъараб гьабунгутIизе; **~ роди´телей** эбел-инсуца малъараб гьабунгутIизе

ОСЛЫ́ША//ТЬСЯ *сов.* ргIичIого мекъи бичIчIизе, мекъи ргIизе; **е́сли я не ~лся** дида мекъи бичIчIун батичIони

ОСМА́ТРИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **осмотре́ть(ся)**

ОСМЕ́ИВАТЬ *несов. см.* **осмея´ ть**

ОСМЕЛЕ́ТЬ *сов.* хIинкъи тIагIине (*ине*), бахIарчилъи гIезе

ОСМЕ́ЛИВАТЬСЯ *несов. см.* **осме́литься**

ОСМЕ́ЛИ//ТЬСЯ *сов. на что и с неопр.* таваккал тIамизе, таваккал гIезе, гьабизе кIвезе; **не ~ваюсь ему́ э´ то сказа́ть** дир таваккал гIезехъин гьечIо гьесда гьеб абизе

ОСМЕЯ´ ТЬ *сов. кого-что* тIад велъанхъизе, къабихI гьавизе

ОСМОЛИ́ТЬ *сов. что* тIад хъил бахине; **~ ло́дку** росода хъил бахине

ОСМО́ТР *м* хал гьаби, балагьи; **~ больно́го** унтарасул хал гьаби; **~ору́жия** *воен.* яргъил хал гьаби; **техни´ческий ~ маши´н** машинабазул техникияб хал гьаби

ОСМОТРЕ́ТЬ *сов. кого-что* 1) (*ознакомиться*) кIвар кьун валагьизе, кивего щун, хал-шал гьабизе; **~ вы´ставку** выставкаялъул хал-шал гьабизе 2) (*обследовать*) хал гьабизе; **~ больно́го** унтарасул хал гьабизе

ОСМОТРЕ́//ТЬСЯ *сов.* 1) (*вокруг*) сверухъе балагьизе; **он вошёл в зал и ~лся** гъов залалъуве вачIана ва сверухъе валагьана 2) *перен. (освоиться)* рекъа-решон ккезе; **~ться в но́вом го́роде** цIияб шагьаралда рекъа-решон ккезе

ОСМОТРИ́ТЕЛЬНО *нареч.* бала-гьалагьун, цIодорго; **де́йствовать ~** цIодорго иш гьабизе

ОСМОТРИ́ТЕЛЬНОСТЬ *ж* цIодорлъи, бала-гьалагьун иш гьаби; **прояви´ ть ~** цIодорлъи гьабизе

ОСМОТРИ́ТЕЛЬНЫЙ, -ая.-ое цIодорав, цIодорго, бала-гьалагьун иш гьабулев; **~ челове́к** цIодорав чи

ОСМЫСЛЕ́НИЕ *с* магIна боси, гIадахъ босун, пикру гьаби; **~ происходя´щих собы´тий** лъугьа-бахъунел ишазул пикру гьаби

ОСМЫ´ СЛЕННО *нареч.* бичIчIун, магIна босун, гIадахъ босун, пикру **ГЬАБУН**; **ребёнок уже́ смо́трит ~** лъимералъ бичIчIун (*пикру гьабун*) хал гьабулеб буго

ОСМЫ´ СЛЕНН//ЫЙ, -ая, -ое магIна босараб, гIадахъ босун, пикру гьабураб, тIад ургъараб; **~ый отве́т** тIад ургъараб (*гIакъилаб*) жаваб

ОСМЫ´ СЛИВАТЬ *несов. см.* **осмы´ слить**

ОСМЫ́СЛИТЬ *сов. что* бичIчIизе, магIна босизе, якъинго лъазабизе

ОСНАСТИ́ТЬ *сов. что чем* 1) *мор.* къваригIунебщиналдалъун хьезабизе; **~ су́дно** къваригIунебщиналдалъун гама хьезабизе 2) *перен. (снабдить)* чIезабизе, букIинабизе, хьезабизе; **~ наро́дное хозя́йство передово́й те́хникой** халкъияб магIишат цебетIураб техникаялдалъун хьезабизе

ОСНАЩА́ТЬ *несов. см.* **оснасти́ ть**

ОСНАЩЕ́НИЕ *с* **1.** 1) (*по гл.* **оснасти́ ть**) хьезаби 2) чIезаби, букIинаби **2.** (*технические средства чего-л.*) къваригIунеб къайикъоно *(техникияб)*

ОСНАЩЁННОСТЬ *ж* къваригIунебщиналдалъун хьей; **техни́ческая ~ промы́шленности** промышленность техникияб рахъалъ къваригIунебщиналдалъун хьей

ОСНО́В//А *ж* 1) (*каркас, остов*) къали, черх; **деревя́ нная ~а дива́на** диваналъул цIулал къали 2) (*главное, на чем зиждется что-л.*) аслу, кьучI 3) *мн.* **~ы** (*азы*) аслу, кьучI 4) *текст. (продольные нити ткани*) жанибкун 5) *грам.* аслу; **~а сло́ва** ргIул аслу; **на ~е** *чего-л. сундулниги* кьучIалда; **брать** *что-л.* **за ~у** кьочIое босизе; **класть** (*положить*) **в ~у** кьочIое лъезе

ОСНОВА́НИ//Е *с* 1) (*по гл.* **основа́ть**) кьучI лъей; **~е го́рода** шагьаралъе кьучI лъей 2) (*фундамент*) кьучI; **дом на ка́менном ~и** ганчIил кьучI бугеб мина; **~е стены́** къадал кьучI 3) *мат.* аслияб рахъ, хьибил; **~е пирами́ды** пирамидаялъул аслияб рахъ 4) *хим.* кислотагун жубани, цIамал лъугьунеб цолъи 4) (*повод, причина*) гIилла; **без вся́кого ~я** кинаб бугониги гIилла гьечIого; **ве́ские ~я** гIурал гIиллаби; **на како́м ~и?** щай? щиб гIиллаялдалъун? ◊ **до ~я** кьочIоде щвезегIан, тIубан; **кре́пость разру́шена до ~я** хъала тIубан (*кьочIоде щвезегIан*) биххизабун буго

ОСНОВА́ТЕЛЬ *м* кьучI тIамурав, кьучI лъурав, байбихьи лъурав чи; **~ ру́сского теа́тра** гIурус театралъе кьучI лъурав чи; **~ села́** росдае кьучI тIамурав чи

ОСНОВА́ТЕЛЬНИЦА *ж* кьучI лъурай (байбихьи лъурай) гIадан

ОСНОВА́ТЕЛЬНО *нареч.* 1) тIубан, щвалде щун, кутакалда цIикIкIараб куцалда; **~ проголода́ться** тIубан вакъизе; **~ уста́ть** кутакалда сваказе 2) (*крепко, прочно*) щулаго; **дом сде́лан ~** рукъ щулаго бан буго 3) (*серьезно*) мухIканго, букIине кколеб куцалъ, унго-унгояб куцалъ; **свою́ рабо́ту он де́лает ~** жиндирго хIалтIи гъос букIине кколеб куцалъ гьабула

ОСНОВА́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*обоснованный*) кьучI бугеб; **~ая причи́на** кьучI бугеб гIилла 2) (*солидный, прочный*) щулияб, лъикI гьабураб; **~ое строе́ние** щулаго гьабураб, чIухIараб бакI (*мина*) 3) *разг. (положительный)* саламатаб, божизе бегьулеб; **~ый челове́к** саламатав чи 4) (*значительный по величине*) цIакъ кIудияб; **~ый груз** цIакъ кIудияб юк

ОСНОВА́ТЬ *сов. что* 1) (*учредить*) гIуцIизе, кьучI тIамизе, байбихьи лъезе; **~ го́род** шагьаралъе кьучI лъезе 2) (*обосновать*) хIужжабаздалъун щула гьабизе; **~ свои́ вы́ воды на фа́ктах** жиндирго хIасилал хIужжабаздалъун щула гьаризе (рихьизаризе)

ОСНОВА́ТЬСЯ *сов. (поселиться)* даималъего цо бакIалде вахъине; **~ на но́вом ме́сте** даималъего цIияб бакIалде вахъине

ОСНОВН//О́Й, -а́я, -о́е 1) (*главный*) аслияб; **~ой зако́н** аслияб закон 2) *в знач. сущ.* **~о́е** аслияб, бищун кIвар бугеб; **упусти́ ть из ви́ ду ~о́е** аслияб рекIелъа биччазе; **в ~о́м** аслияб куцалда

ОСНОВОПОЛАГА́ЮЩ//ИЙ, -ая, -ое аслияб, кьочIое босулеб, бетIераб; **~ие иде́и движе́ния** (*багъа-бачариялъул*) хIаракаталъул кьочIое росулел идеяби

ОСНОВОПОЛО́ЖНИК *м* кьучI лъурав чи; **~и но́вого направле́ния в нау́ке** гIелмуялда цIияб (*нухалъе*) къагIидаялъе кьучI лъурал чагIи

ОСНО́ВЫВАТЬ *несов. см.* **основа́ть**

ОСНО́ВЫВАТЬСЯ *несов.* 1) *см.* **основа́ться** 2) *на чем (исходить)* бачIине, хIисаб гьабизе, мугъ чIвазе, кьучIлъун кквезе, кьочIое лъураблъун букIине, гIадахъ босараблъун букIине; **~ на после́дних достиже́ниях нау́ки** гIелмуялъул ахирисел бер-гьенлъабазде мугъ чIвазе (мугъчIвай гьабизе)

ОСО́БА *ж ирон.* гIадан; **ва́жная ~** чIухIарай, гIамал кIудияй гIадан; **неприя́ тная ~** рокьукъай гIадан

ОСО́БЕННО *нареч. (не как обычно*) батIаго, цIакъго; **сего́дня было ~ мно́го наро́ду** жакъа цIакъго гIемераб халкъ бу-кIана 2) (*в особенности*) хасго; **~ прия́ тно ви́ деть ста́рых друзе́й** хасго бокьула церегосел гьудулзаби рихьизе

ОСО́БЕННОСТ//Ь *ж* хаслъи, батIалъи; **~и ру́сского литерату́рного языка́** гIурус литературияб мацIалъул хаслъаби ◊ **в ~и** сундасаго цебе, тIоцебесеб иргаялда

ОСО́БЕНН//ЫЙ, -ая, -ое цогидазда релъълъинчIеб, гIадатияб гуреб, хасаб, батIияб, тIокIаб; **отлича́лся ~ой доброто́й** хасаб хIалимлъиялдалъул, лъикIлъиялдалъун ватIа вахъизе лъалаан (дов) ◊ **ничего́ ~ого** щибго батIияб жо гьечIо

ОСОБНЯ́К *м* особняк (*шагьаралъул тайпаялъул киналго санагIалъаби ругеб, лъикI къачIараб цо хъизаналъе бугеб мина*); **стари́нный ~** некIсияб особняк; **небольшо́й ~** кIудияб гьечIеб особняк

ОСОБНЯКО́М *нареч.* батIа тIун, цогидаздаса батIаго; **дом стои́т ~** мина батIа тIун буго; **держа́ться ~** батIаго чIезе (батIа кIанцIун чIезе)

ОСО́БО *нареч.* 1) (*отдельно*) батIаго, хас гьабун; **рассмотре́ть вопро́с ~** суалалъул батIаго хал гьабизе; 2) (**осо́бенно**) хасго; **~ ва́жный** хасго кIвар бугеб

ОСО́Б//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*отдельный*) хасаб; **~ое постановле́ние** хасаб хIукму 2) (*особенный*) батIияб; **совсе́м ~ый цвет** тIубанго батIияб кьер

О́СОБЬ *ж* рухI бугеб жо (*батIаго босун, кинаб бугониги рухI бугеб жо*)

ОСОЗНАВА́ТЬ *несов. см.* **осозна́ть**

ОСОЗНА́ТЬ *сов. что* бичIчIизе; **~ свою́ вину́** жиндирго гIайиб бичIчIизе

ОСО́КА *ж бот.* хьуцIихер

О́СП//А *ж* 1) (*болезнь*) тIадерахъи; **приви́вка про́тив ~ы** тIадерахъи бахъи *(тIадерахъиялда данде прививка);* **чёрная ~** чIегIераб тIадерахъи 2) *разг. (следы болезни или прививки*) тIадерахъи

ОСПА́РИВАНИЕ *с* 1) дагIба бай; **~ пра́ва** *на что-л. сундуениги* кьураб ихтияралда дагIба бай 2) кьеркьей **~ пе́рвенства** *спорт.* тIоцебесеб бакI кквеялъе (щвеялъе) кьеркьей

ОСПА́РИВАТЬ *несов. что* 1) дагIба базе 2) кьеркьезе, кьецалде вахъун, бергьенлъи щвезабизе; **э́ то утвержде́ние мо́жно ~** гьеб пикруялда дагIба базе бегьула; **~ зва́ние чемпио́на ми́ ра по ша́хматам** шахматазул рахъалъ дунялалулго чемпионасул цIаралъе гIоло кьеркьезе

О́СПИНА *ж* тIадерахъиялъул гIуж (*гвенд*)

ОСПОПРИВИВА́НИЕ *с* тIадерахъи бахъи, тIадерахъиялда данде прививка гьаби

ОСПО́РИТЬ *сов. см.* **оспа́ривать**

ОСРАМИ́ТЬ *сов. кого-что (опозорить)* суризавизе, басра гьавизе, къадру хвезабизе

ОСРАМИ́ТЬСЯ *сов.* суризе, нечараб жо ккезе, басралъизе, къадру хвезе

ОСТ *м мор.* 1) (*направление*) бакъбаккул рахъ 2) (*ветер*) бакъбаккудасан пулеб гьури

ОСТАВА́//ТЬСЯ *несов. см.* **оста́ться; мне ~лось то́лько замолча́ть** дун вуцIцIун чIезе кколаан, дица хабар тезе кколаан; **сча́стливо ~ться!** лъикI хутIаги!

ОСТА́ВИТЬ *сов.* 1) *кого-что (не взять с собой*) тезе; **~ дете́й до́ма** лъимал рокъор тезе 2) *кого-что (заставить остаться)* чIезабизе; **~ госте́й ночева́ть** гьалбал, сордо бан, чIезаризе 3) *что, чего (сохранить, приберечь)* нахъе цIунизе, нахъе лъезе; **~ хле́ба на у́жин** къасиквание чед нахъе цIунизе 4) *что (сохранить в каком-л. положении*) хисизабичIого тезе; **~ приговор в си́ле** судалъул хIукму хисизабичIого тезе 5) *кого-что (покинуть)* рехун тезе; **~ рабо́ту** хIалтIи рехун тезе 6) *что (прекратить)* къо-тIизе тезе; **~ разгово́ры** хабар къотIизе тезе 7) (щибниги) кье-чIого тезе; **~ без внима́ния** кIвар кьечIого тезе 8) нахъа тезе; **~ далеко́ позади́** кутакалда нахъа тезе 9) гьоркь тезе; **~ на второ́й год** гьоркь тезе *(тIасияб классалде вахъичIого)*

ОСТАВЛЯ́ //ТЬ *несов. см.* **оста́вить** ◊ **не ~ет сомне́ний** тIад кIалъазе бакI гьечIо, щаклъи ккезе бакI гьечIо

ОСТАЛЬН//О́Й, -ая, -ое 1) хутIараб; **взять ~ые кни́ги** хутIарал тIахъал росизе 2) *в знач. сущ.*: **~ы́ е** хутIарал, нахъеял;

где ~ые? хутIарал кир ругел? 3) *в знач. сущ.* **~ое** хутIарабщинаб; **всё ~óе** кинабго хутIарабщинаб

ОСТАНÁВЛИВА//ТЬ(СЯ) *несов. см.* **останови́ться**; **пóезд на э́той стáнции не ~ется** поезд гьаб станциялда лъалхъуларо (*чIоларо*); **не ~ться на дости́гнутом** щваралда гIей гьабун чIунгутIизе; **ни пе́ред чем не ~ться** сундухъниги гIин тIамунгутIизе

ОСТÁНКИ *мн.* жаназа, ракьа-макъар, ракьа-кIача

ОСТАНОВИ́ТЬ *сов.* 1) *кого-что (прекратить движение, ход)* чIезабизе; **~ пóезд** поезд чIезабизе 2) *кого-что (сдержать)* кквезе, чIезабизе; **~ шалуна́** гъалмагъирчи кквезе, чIезавизе 3) *что* кIвар буссинабизе; **~ взор** *на чем-л. сунденги* кIвар буссинабизе

ОСТАНОВИ́//ТЬСЯ *сов.* 1) чIезе; **рабóта ~лась** хIалтIи чIана 2) (*временно поселиться*) заманалъ рещтIине; **~ться в гос-ти́нице** гостиницаялда рещтIине 3) *на чем* кIвар буссинабизе, тIадчIей гьабизе; **подрóбно ~ться на идée кни́ги** тIехьалъул идеялда тIадчIей гьабизе 4) *на ком-чем (остановить свой выбор)* тIаса бищизе

ОСТАНÓВКА *ж* 1) (*по гл.* **останови́ ть**) чIезаби 2) (*по гл.* **останови́ ться**) чIей 3) (*пункт, место*) чIолеб бакI; **трамвáйная ~** трамвай чIолеб бакI ◊ **~ то́лько за разреше́нием** цохIо изнуялда бан хутIун буго

ОСТÁТ//ОК *м* 1) *в разн. знач.* хутIел, хутIараб бутIа; **~ок пирогá** пирогалъул хутIел; **~ок врéмени** хутIараб заман; **~ок пути́** хутIараб нух; **~ок жи́ зни** хутIараб гIумру; **дели́ ться без ~ка** *мат.* нахъе хутIичIого, бикьун ине 2) *мн.* **~ки** (*отходы*) хутIатараб жо; **нефтяны́е ~ки** чIегIернартил хутIа-тараб жо ◊ **~ки сла́дки** *погов.* нахъе хутIараб гьуинаб букIуна

ОСТÁТЬСЯ *сов. в разн. знач.* чIезе, хутIизе; **~ дóма** рокъов хутIизе, чIезе; **э́то навсегда́ оста́нется в мое́й па́мяти** кидаго хутIила гьеб дир рекIелъ; **~ при своём мне́нии** жинцаго бицаралда чIезе; жиндирго пикруялда хутIизе; **не ~ в долгу́** налъукь хутIичIого вукIине; **~ на второ́й год** гъоркь хутIизе; **~ в дурака́х** а) *карт.* къезе (*кагътал хIалаго*) б) *перен. (оказаться в глупом положении)* гIабдаллъун хутIизе; **оста́лся ли в ча́йнике чай?** чайникалъуб чай хутIанадай? **оста́лась часть запа́сов** нахърателалъул бутIа хутIана; **~ ве́рным своему́ идеа́лу** жиндирго мурадалъе, пикруялъе ритIухъавлъун хутIизе; **~ в одно́й руба́шке** цохIо гурдилъ хутIизе (*цIакъго мискинлъизе*); **э́то оста́нется ме́жду на́ми** гьаб нилъедаго гьоркьоб хутIила (*бицараб жо*)

ОСТЕКЛИ́ ТЬ *сов. что* цIер лъезе

ОСТЕКЛЯ́ ТЬ *несов. см.* **остекли́ ть**

ОСТЕПЕНИ́ ТЬСЯ *сов.* 1) сабру гIезе, гIодове виччазе 2) чIара-хьарав, цIодорав-гIакъилав, хьвада-чIвадизе лъалев лъугьине

ОСТЕРВЕНÉЛЫЙ, -ая, -ое щцидаца бихъулеб, вахIшилъараб, гIасилъараб; **~ враг** вахIшилъарав тушман

ОСТЕРВЕНÉТЬ *сов.* гIасилъизе, вахIшилъизе

ОСТЕРЕГÁТЬСЯ *несов. кого-чего (живго)* цIуна-къазе; **~ просту́ды** квачалдаса цIуна-къазе, цIуна-къан вукIине

ОСТЕРÉЧЬСЯ *сов. см.* **остерега́ться**

ÓСТОВ *м* 1) (*опорная часть*) къали, черх; **~ корабля́** гамил къали 2) *анат. (скелет)* чорхол къали, ракьа-кIача 3) *перен. (основа)* аслу, аслияб рахъ; **~ рома́на** романалъул аслияб рахъ

ОСТОЛБЕНÉТЬ *сов. разг.* цIоро-гъорон хутIизе, виххун хутIизе, чIун хутIизе; **~ от у́жаса** хIинкъиялъул кутакалъ чIун хутIизе

ОСТОРÓЖНО *нареч.* 1) (*осмотрительно*) цIодорго, цеве валагьун; **де́йствовать ~** цIодорго иш гьабизе 2) (*бережно*) цIуна-къан, хIисабалда; **~ обраща́ться с прибо́рами** приборал (тIагIелал) цIодорго хIалтIизаризе 3) лъиего квалквал гьабичIого, лъилго рахIат хвезабичIого

ОСТОРÓЖНОСТ//Ь *ж* 1) (*осмотрительность*) цIодорлъи, цеве валагьи; **эта рабóта тре́бует ~и** гьеб хIалтIиялъе цIодорлъи къваригIуна 2) (*внимательность*) хIисабалда гьаби; мухIканлъи; **обраща́ться с ~ью** хIисабалда хIалтIизабизе

ОСТОРÓЖН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*осмотрительный*) цIодораб; цеве валагьулев; **~ый челове́к** цIодорав чи 2) (*бережный*) хIисабалда, цIуна-къан иш гьабулев

ОСТРÁСТК//А *ж разг.* 1) цевеккун хIинкъизави (*метериса щибниги гьабичIого букIинелъун);* **для ~и** хIинкъизелъун, метер гIоркьихъа ворчIичIого вукIинелъун 2) хIинкъизарун цIодор гьари

ОСТРИГÁТЬ(СЯ) *несов. см.* **остри́ чь(ся)**

ОСТРИЁ *с* 1) бегIераб тIогь; бал, рекIараб рахъ; **~ игóлки** рукIкIадул бегIераб тIогь; **~ сáбли** хвалчадул бал 2) *перен.* бегIерлъи; **~ кри́ тики** критикаялъул бегIерлъи

ОСТРИ́ ТЬ[1] *несов. (точить)* рекIинабизе, чархида кквезе

ОСТРИ́ //ТЬ[2] *несов. (говорить остроты)* бегIерал рагIаби рехун, гаргадизе, кIарчанал жал рицине; **~ть на** *чей-л.* **счёт** *лъиданиги тIасан* кIарчанал жал рицине; **не ~те!** кIарчанал жал рицунге!; **неуда́чно ~** гIужда щоларел бегIерал рагIаби рехун, гаргадизе

ОСТРИ́ ЧЬ *сов. кого-что* къунцIизе, тIаса къунцIизе; **~ ногти но́жницами** кIвекьмаххалъ малъал къунцIизе

ОСТРИ́ ЧЬСЯ *сов.* къунцIизе, къунцIизабизе (*жиндирго рас*)

ÓСТРОВ *м* чIинкIиллъи

ОСТРОВÉРХ//ИЙ, -ая, -ое тIасияб рахъ бегIераб, тIогь бегIераб; **~ая ба́шня** тIогь бегIераб си

ОСТРОВИТЯ́ НИН *м* чIинкIиллъиялда гIумру гьабулев чи

ОСТРОВИТЯ́НКА *ж* чIинкIиллъиялда гIумру гьабулей чIужугIадан

ОСТРÓГ *м уст.* туснахъ (*туснахърукъ*)

ОСТРОКОНÉЧНЫЙ, -ая, -ое бетIер бегIераб, бегIераб тIогьалъул, тIогь бегIераб, тIогьиса бегIераб

ОСТРÓТ//А *ж* бегIерлъи, цIодорлъи; бегIераб калам; **говори́ ть ~ы** бегIерал рагIаби абизе, рехизе; **зла́я ~а** щцин бахъинабулеб, хъинтIулеб, хIунсулеб рагIи

ОСТРОТ//Á *ж* 1) бегIерлъи; рекIин; **~ угла́** бокIоналъул бегIерлъи; **~ ножа́** носол рекIин 2) (*напряженность*): **~ слу́ха** цIакъго лъикI рагIи; гIинда цIодорлъи; **~ зре́ния** цIакъго лъикI канлъи бихьи; берцIодорлъи; **~ впечатле́ний** бихьа-рагIаралъ гьабураб асаралъул кутак (кIудияб асар)

ОСТРОУГÓЛЬНЫЙ, -ая, -ое бокIон бегIераб; **~ треуго́льник** бокIон бегIераб лъабокIон

ОСТРОУ́ МИЕ *с* 1) (*изобретательность мысли*) пикруялъул бегIерлъи 2) *уст. (тонкость ума)* гIакълуялъул камиллъи, нахъгIунтIи

ОСТРОУ́ МНО *нареч.* 1) цIодорго, бегIерго; **они́ ~ реши́ ли**
э́ ту зада́чу гьез гьеб масъала цIодорго гьабун буго 2) бегIерго, гIадатияб гуреб къагIидаялда; **он отве́тил ~** гъос гIадатияб гуреб куцалъ, бегIерго жаваб кьуна

ОСТРОУ́ МН//ЫЙ, -ая, -ое цIодораб, бегIераб; **~ое реше́ние вопро́са** цIодорго масъала тIубазаби 2) бегIераб, гIадатияб гуреб; **~ый ма́льчик** бегIерав вас

ÓСТР//ЫЙ, -ая, -ое 1) рекIараб; бегIераб; **~ый нож** рекIараб нус; **~ый у́гол** бегIераб бокIон; **~ый нос ло́дки** расаялъул бегIераб кIал (цебесеб рахъ) 2) (*проницательный*) цIодораб, бегIераб; **~ый глаз** цIодораб бер; **~ый ум** бегIераб гIакълу 3) (*язвительный*) хIунсулеб; **~ая шу́тка** хIунсулеб махсара 4) (*на вкус и т.п.*) кутакаб, хехго чIвалеб; **~ый за́пах** кутакаб махI; **~ая горчи́ца** кутакаб, цIакъ бухIизабулеб горчица 5) (*о болезни*) загьаб, хIунсулеб, кутакаб; **~ый аппендици́ т** цIакъ хIунсулеб бецабакьалъул унти; **~ая боль** загьаб унти 6) (*напряженный*) хIалуцараб; **~ое положе́ние** хIалуцараб хIал

ОСТУДИ́ТЬ *сов. что* цIорозабизе, цIорозе тезе, **~ молоко́** рахь цIорозабизе

ОСТУЖÁТЬ *несов. см.* **остуди́ ть**

ОСТУПÁТЬСЯ *несов. см.* **оступи́ ться**

ОСТУПИ́ //ТЬСЯ *сов.* 1) хIетIе мекъса чIезе, (*сунданиги*) вазе; **он ~лся на ле́стнице** гъос молода хIетIе мекъса чIана 2) *перен. разг. (совершить ошибку в жизни)* гIумруялъулъ гьалатI биччазе; мекъса ккезе; **челове́к ~лся, ну́жно помóчь ему́** чияс гьалатI биччан буго (мекъса ккун вуго), гьесие кумек гьабизе ккола

ОСТЫВÁТЬ *несов. см.* **осты́ ть**

ОСТЫ́ //ТЬ *сов.* 1) (*стать холодным*) цIорозе, гIунизе, квачазе; **чай ~л** чай цIорона 2) *перен.* гIодоцине, гъира дагьлъизе, интерес хвезе; **интере́с к теа́тру у него́ ~л** театралдехун гьесул цебе букIараб гъира дагьлъана, интерес хвана

ОСТЬ *ж* 1) *бот.* кьох, симил 2) (*длинный жесткий волос в мехе*) *(турхил, лъелгIункIкIалъул расулъ*) халатаб чанлъаб рас

ОСУДИ́ТЬ *сов. кого-что* 1) *юр. (приговорить к наказанию*) судалъ хIукму къотIизе 2) (*выразить неодобрение*) къадараблъун, квешаблъун рикIкIине (*гьабураб иш*) 3) *перен. (обречь на что-л.*) квешаб къимат кьезе, квешаб хIалалде ккезабизе; **~ все фо́рмы ра́совой дискримина́ции** тIомол кьералъухъ балагьун, гIадамазе батIи-батIиял квекIенал гьариялъе, ватIа гьавиялъе кинабго рахъалъ квешаб къимат кьезе

ОСУЖДА́ТЬ *несов. см.* **осуди́ ть**

ОСУЖДЕ́НИЕ *с* 1) (*по гл.* **осуди́ ть**) судалъ хIукму къотIи; **~ обвиня́ емого** жинде гIайиб гIунтIизабурасе судалъ хIукму къотIи 2) (*порицание*) квешаб къимат кьей; **в его́ слова́х звучи́ т ~** гьесул рагIабаздасан квешаб къимат кьей бихьулеб (бичIчIулеб) буго

ОСУЖДЁННЫЙ *м* судалъ хIукму къотIарав

ОСУ́ НУ//ТЬСЯ *сов.* гьурмалъа хIалакълъизе; **его́ лицо́ ~лось** гьев гьурмалъа хIалакълъун вуго; **больно́й ~лся** унтарав гьурмалъа хIалакълъун вуго

ОСУША́ТЬ *несов. см.* **осуши́ ть**

ОСУШЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **осуши́ть**) бакъвазаби; **~ боло́т** хьуцIал ракъвазари

ОСУШИ́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое бакъвазабиялда хурхараб, бакъва-забиялъул; **~ кана́л** бакъвазабизе бахъараб канал (*рахъ*) (*мас. ракь*)

ОСУШИ́ТЬ *сов. что* 1) бакъвазабизе; **~ боло́то** хьуцI бакъвазабизе 2) *разг. (выпить)* гьекъон лъугIизабизе; **~ стака́н** стакан гьекъон лъугIизабизе

ОСУ́ ШКА *ж см.* **осуше́ние**

ОСУЩЕСТВИ́МЫЙ, -ая, -ое тIубазабизе, гIумруялде бахъинабизе кIолеб; **~ план** тIубазабизе кIолеб план

ОСУЩЕСТВИ́ ТЬ *сов. что* тIубазабизе; **~ пятиле́тний план** щуго сонил план тIубазабизе; **~ на пра́ктике** хIал бихьун тIубазабизе

ОСУЩЕСТВИ́ //ТЬСЯ *сов.* тIубазе, лъугьине; **на́ши пла́ны ~лись** нижер планал тIурана

ОСУЩЕСТВЛЕ́НИЕ *с* 1) (*по гл.* **осуществи́ ть**) тIубазаби 2) (*по гл.* **осуществи́ ться**) тIубай

ОСУЩЕСТВЛЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **осуществи́ ть(ся)**

ОСЧАСТЛИ́ ВИТЬ *сов. кого-что* талихIавлъун гьавизе, вохизавизе, кутакалда разилъизавизе

ОСЫ́ ПАТЬ *сов.* 1) *кого-что чем* киса кибего тIаде щвазе; **~ те́сто мукóй** киса-кибего гIатIа́де (хамуралде) ханжу щвазе 2) *что (развалить*) биххизабизе; **~ ку́чу песка́** салул гохI биххизабизе 3) *кого-что перен.* гьарзаго гьабизе, кьезе, кутакалда гьабизе; **~ поцелу́ями** гьарзаго убачал гьаризе; **~ пода́рками** гьарзаго сайигъатал кьезе; *~ кого-л.* **бра́нью** кутакалда , гIемер хьандезе (*лъидениги*)

ОСЫПА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **осы́ пать(ся)**

ОСЫ́ ПА//ТЬСЯ *сов.* 1) (*опасть*) гъун бачIине, гъине; **ли́стья с дере́вьев ~лись** гъотIодаса тIамах гъун бачIана 2) (*обвалиться*) гьенезе, тIун бачIине; **штукату́рка ~лась** штукатурка тIун бачIана

О́СЫПЬ *ж геол.* гъегь; гъенон лъугьараб гохI

ОСЬ *ж* 1) (*колеса*) хIос; **~ арбы́** гьакихIос 2) *мат., физ.* битIараб хIучч; **~ симме́трии** симметриялъул хIучч 3) *перен.* бакъулъа бакI, рахъ; **~ собы́тий** лъугьа-бахъиназул аслияб бутIа, аслияб рахъ

ОСЬМИНО́Г *м зоол.* осьминог (*жибго цIунизе ва тIаде кIанцIизе микьго хIетIеги бугеб ралъдал хIайван)*

ОСЯЗА́ЕМ//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*воспринимаемый осязанием*) квашун (хъатIун) лъалеб; **~ый мир** хъатIун лъалебщинаб жо 2) *перен. (ощутимый)* лъалеб, нахъгIунтIулеб, лъай хадуб гъолеб, бихьулеб; **~ые успе́хи** рихьулел бергьенлъаби

ОСЯЗА́НИЕ *с* хъатIун лъай, квашун лъай

ОСЯЗА́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое 1) хъатIун лъаялъе бугеб; **~ о́рган** хъатIун лъаялъе бугеб лага 2) *перен. (значительный)* цIакъго загьираб, кIудияб, цIакъго лъалеб, бихьулеб куцалда бугеб

ОСЯЗА́ТЬ *несов. кого-что* 1) квер хъван, лъазе, квашун лъазе 2) *перен. (замечать)* бихьизе, букIин лъазе

ОТ (О́ТО) *предлог с род. п.* 1) (*указывает на исходную точку чего-л.*) -са, -хъан; **от головы́ до ног** бетIералдаса хIатIазде щвезегIан; **к се́веру от го́рода** шагьаралдаса севералдехун; **я иду́ от бра́та** дун вацасухъан вачIунев вуго 2) (*указывает на источник чего-л.*) -сан, -хъан; **э́то исхо́дит от нас** гьеб нилъедасан бачIунеб буго; **получи́ть письмо́ от** *кого-л.* лъихъанниги кагъат бачIине 3) (*указывает на связь с чем-л.*) -алъул, -ялъул, -ял; **рабо́чий от станка́** станокалъул хIалтIухъан; **лю́ди от нау́ки** гIелмуялъул (гIелмиял) гIадамал 4) (*указывает на целое, которому принадлежит часть*) -алъул (ялъул), -азул (-язул), -л, -са; **ключ от замка́** кIулазул кIул; **отре́зать ло́моть от хле́ба** чадидаса мочIу къотIизе; **во́лос от головы́** ботIрол рас 5) (*указывает на что-л. избегаемое, удаляемое*) -алъе(-ялъе), -е, -даса; **сре́дство от зубно́й бо́ли** гIосол унтиялъе дару; **укры́ тие от дождя́** цIададаса рахчулеб бакI 6) (*указывает на причину*) -ца, -алъ(-ялъ); **глаза́ кра́сные от слёз** магIица багIарлъарал берал; **му́читься от жа́жды** къечалъ гIазаб кьезе; **петь от ра́дости** вохиялъ кечI ахIизе 7) (*указывает на другой предмет, который противопоставляется первому*) -са; **отдели́ть ну́жные кни́ ги от нену́жных** къваригIунел тIахьал къваригIунарездаса ратIа гьаризе; **отличи́ть добро́ от зла** квешалдаса лъикIаб батIа бахъизе 8) (*указывает на момент возникновения*) -алъул (ялъул); **письмо́ от пе́рвого октября́** тIоцебесеб октябралъул кагъат 9) -са(н); **год от го́ду** соналдаса соналде; **день ото́ дня** къоялдаса къоялде; **вре́мя от вре́мени** зама-заманалдасан

ОТ (ОТО, ОТЪ) *глаголалъул приставка хIисабалда хIалтIизабула*; 1) *ахир, лъугIи, лъугIизегIан, ахиралде щвезегIан гьаби бихьизабизе, масала*: **отколи́ ть** лъугIизегIан бецизе 2) *нахъе гьаби, лъугIизаби, цояб рахъалдехун ин бихьизабизе, мас.*: **отъе́хать** нахъе ине (*рекIун*) 3) *данде гьабураб иш бихьизабизе, мас.*: **отблагодари́ ть** (*гьабуралъухъ*) баркала кьезе 4) цо иш гьабун тIаса бихьизабизе, мас.: **отбараба́нить** къали чIвай лъугIизе тезе, къали чIвай тIаса бихьизабизе

ОТА́ВА *ж с.-х* алисен (*бецараб бакIалда исанаго бижараб хер*)

ОТА́ПЛИВАТЬ *несов. см.* **отопи́ ть**

ОТА́РА *ж* гIиял рехъен

ОТБА́ВИТЬ *сов. что, чего* тIаса нахъе босизе, дагь гьабизе, тIаса тIезе, камизабизе, тIаса бикьун босизе

ОТБАВЛЯ́ //ТЬ *несов. см.* **отба́вить ◊ хоть ~й** кигIан бокьаниги

ОТБЕГА́ТЬ *несов. см.* **отбежа́ть**

ОТБЕЖА́ТЬ *сов. от кого-чего* нахъе векеризе, векерун довегIан ине

ОТБЕЛИ́ ТЬ *сов. что* 1) хъахI гьабизе, хъахIаб кьер лъугьинабизе; **~ холст** хIебет хъахI гьабизе 2) (*закончить белить*) хъахI гьабун (бохьун) лъугIизабизе

ОТБЕЛЯ́ ТЬ *несов. см.* **отбели́ ть**

ОТБЕРУ́ , отберёшь *и т.д. буд. от* **отобра́ть**

ОТБИВА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **отби́ ть(ся)**

ОТБИ́ ВКА *ж* (*по гл.* **отби́ ть**) бекIкIи, бухи, бухун рекIинаби, гIуж гьаби; **~ кос** харицелал рекIкIи (*рухун рекIинари*)

ОТБИВН//О́Й, -ая, -ое бухун (чухIун, чIван) гьабураб; **~ая котлета** чухIун гьанал котлета

ОТБИРА́ТЬ *несов. см.* **отобра́ть**

ОТБИ́ ТЬ *сов.* 1) *что (отразить*) нахъчIвазе, нахъе кьабизе; **~ врага́** тушман нахъчIвазе: **~ уда́р** кьаби нахъчIвазе; **~ мяч** торгIо нахъе кьабизе 2) *кого-что (вернуть силой*) нахъе бахъизе, кодоса бахъизе; **~ у врага́ го́род** тушманасухъа шагьар нахъе бахъизе 3) *что (отломи́ть*) тIезабизе, бекизабизе; **~ ру́чку у ча́йника** чайникалъул гIоркь тIезабизе 4) *что (заострить*) бухизе, бекIкIизе; **~ кос**у́ харицел бекIкIизе 5) *разг. (переманить*) жидерго рахъалде цIазе (буссинабизе); *~ у кого-л.* **покупа́телей** къайи босулел жидерго рахъалде цIазе (*мас., учузаб багьаялде къайиги бичун*) 6) *что разг. (уничтожить*) тIагIинабизе,лъугIизабизе; **~ за́пах** махI тIагIинабизе; *~ у кого-л.* **охо́ту** *к чему-л.* ракI буссинабизе 7) *что (выстукать)* кIутIун гьаракь бахъинабизе, кIутIун бакъан бачине, къали чIвазе; **~ такт руко́й** квералъ къали чIвазе 8) *что (повредить ударами)* ччукI-ччукIизабизе, тIе-тIезабизе; **~ ладо́ни** огъохъатал ччукI-чIукIизаризе (*кирниги кьабун*) 9) *кого разг.* бахъизе, жиндехунго буссинабизе; **~ неве́сту** бахIарай яхъизе (жиндехунго юссинайизе)

ОТБЙ//ТЬСЯ *сов. от кого-чего* 1) (*отломиться*) тӀун ба-чӀине, тӀезе; **но́сик у ча́йника ~лся** чайникалъул моцӀу тӀун ба-чӀана 2) (*освободиться*) хвасарлъизе, тӀаде кӀанцӀи нахъ чӀвазе; **~ться от врага́** тушманасдаса хвасарлъизе 3) (*отстать*) нахъа хутӀизе, батӀалъизе; **ло́шадь ~лась от табуна́** илхъиялдаса чу батӀалъана 4) *от чего разг. (перестать заниматься чем-л.)* рехун тезе, гъоркьоб къотӀизе тезе; **~ться от де́ла** иш гъоркьоб хутӀизе тезе (*бегьичӀониги)* ◊ **~ться от рук** гӀенеккунгутӀизе, малъараб гьабунгутӀизе, бергьун лъугьине, квердаса ине

ОТБЛАГОДАРИ́ ТЬ *сов. кого-что* баркала кьезе, кумек гьабуралъухъ *щиб бугониги* кьезе; **~ за по́мощь** кумек гьабуралъухъ баркала кьезе

О́ТБЛЕСК *м кибниги речӀчӀараб* канлъул кунчӀи; **~и пла́мени** чӀвараб цӀадул канлъул кунчӀиял

ОТБО́//Й *м* 1) (*по гл.* **отби́ ть**) нахъчӀвай, тӀезаби 2) (*сигнал*) отбой, тезаби, лъугӀанилан лъазаби; **~й возду́шной трево́ги** зодосан хӀинкъи лъугӀанилан лъазаби ◊ **~ю нет** *от кого-чего разг.* кигӀан бокьаниги буго; **~ю нет от покупа́телей** бичун босулел кигӀан рокьаниги руго

ОТБО́ЙНЫЙ, -ая, -ое *горн.* тӀе-тӀезабун бахъиялъе хӀалтӀизабулеб; ~ **молото́к** тӀе-тӀезабун бахъиялъе хӀалтӀизабулеб квартӀа (*алат*) (гьаваялъ хӀалтӀизабулеб квартӀа)

ОТБО́Р *м* 1) (*по гл.* **отобра́ть**) нахъе боси, (*лъихъаниги*) нахъе бахъи 2) *биол.* тӀаса бищи, чӀаго хутӀи; **есте́ственный** ~ тӀабигӀияб тӀаса бищи, бищун лъикӀаб, (сахаб, чорхолъ битӀараб) гурони, чӀаго хутӀунгутӀи

ОТБО́РН//ЫЙ, -ая, -ое бищун цӀакъаб, тӀаса бищараб; **~ые я́ блоки** тӀаса бищараб гӀеч; **~ые войска́** тӀаса рищарал боял; **~ая ру́гань** (*брань*) камилаб хьами, кӀал-хъат биччай

ОТБО́РОЧН//ЫЙ, -ая,-ое тӀаса рищиялъул(аб), тӀаса рищиялъе бугеб; **~ая коми́ссия** тӀаса рищиялъул комиссия; **~ые соревнова́ния** тӀаса рищиялъул къецал

ОТБРА́СЫВАТЬ *несов. см.* **отбро́сить**

ОТБРО́СИ//ТЬ *сов.* 1) *кого-что (в сторону)* цояб рахъалде рехизе, нахъе рехизе; **~ть ка́мни в сто́рону** гамачӀ цояб рахъалде рехизе 2) *что (тень)* рехизе; **де́рево ~ло тень** гъотӀоца рагӀад рехана 3) *кого-что перен. воен.* тӀаде кӀанцӀун, нахъе къазабизе; **~ть проти ́ вника** тӀаде кӀанцӀун, тушман нахъе къазавизе 4) *что перен. (отвергнуть)* нахъе рехизе, къинабизе; **~ть сомне́ния** щаклъи къинабизе (щакдараби къинаризе)

ОТБРО́С//Ы *мн.* (*ед.* **отбро́с** *м*) магъакь-кӀачар, рищни-къул, нахъе чӀвараб жо; **я́ма для ~ов** рищни-къул балеб гвенд; **пищевы́е ~ы** кванил нигӀматазул нахъе чӀвараб жо (пайда гьечӀеб хутӀел)

ОТБЫВА́НИЕ *с* (*по гл.* **отбыва́ть**) тӀубазаби, болжал лъугӀизегӀан вукӀин; **~ сро́ка наказа́ния** гьабураб тамихӀалъул болжал лъугӀизегӀан (жанив) вукӀин

ОТБЫВА́ТЬ *несов. см.* **отбы́ ть**

ОТБЫ́ Т//ИЕ *с* (*по гл.* **отбы́ ть**) 1) (*отъезд*) ин 2) (*срока чего-л.*) тӀубай, болжал лъугӀи

ОТБЫ́ ТЬ *сов.* 1) (*уехать*) ине; **~ к ме́сту назначе́ния** тӀамураб бакӀалде ине 3) *что* тӀубазе, болжал лъугӀизегӀан вукӀине; **~ срок наказа́ния** гьабураб тамихӀалъул болжал лъугӀизегӀан (жанив) вукӀине

ОТВА́Г//А *ж* бахӀарчилъи, багъадурлъи, хӀинкъи-къай гьечӀолъи, бихьинчилъи; **награди́ть за ~у** бахӀарчилъиялъе гӀоло шапакъат кьезе

ОТВА́ДИТЬ *сов. кого от чего разг.* тезабизе (*кинаб бугониги гӀамал*); **~ от куре́ния** хъалиян тезабизе

ОТВА́ЖИВАТЬСЯ *несов. см.* **отва́житься**

ОТВА́ЖИ//ТЬСЯ *сов. на что и с неопр.* бахӀарчилъи, (бихьинчилъи) гӀезе, таваккал тӀамизе; **он не ~лся спо́рить** гьосул къацандизе бахӀарчилъи гӀечӀо

ОТВА́ЖНО *нареч.* бахӀарчиго, къвакӀун, таваккалго

ОТВА́ЖНЫЙ, -ая, -ое бахӀарчияб, таваккалаб, хӀинкъи-къай лъалареб; **~ во́ин** бахӀарчияв рагъухъан

ОТВА́Л *м* 1) (*по гл.* **отвали́ ть**) цо рахъалде бегизаби (сверизаби, къазаби) 2) *с.-х. (часть плуга)* кутнамахх 3) гохӀ (*бухъулаго, къватӀибе ракь бан, лъугьараб*) 4) бегараб ракь (*кутнаца*) ◊ **нае́сться до ~ла** щокъробе бахинегӀан, ракӀ инегӀан, (чӀвазегӀан) кваназе

ОТВАЛИ́ //ТЬ *сов.* 1) *что (отодвинуть*) добегӀан къазабизе, бачине; **~ть ка́мень с доро́ги** нухдаса гамачӀ добегӀан бачине, нахъе гиризе 2) *мор. (отплыть*) нахъе лъедон ине; **пароход ~л от при́ стани** пристаналдаса нахъе гама лъедон ана 3) *что разг. ирон.* барахщичӀого кьезе; **~ть сто рубле́й** барахщичӀого нусго гъурущ кьезе

ОТВАЛИ́ //ТЬСЯ *сов.* 1) батӀалъун бортизе, тӀун бачӀине, гъун бачӀине; **у́гол карни́за ~лся** карнизалъул бокӀон тӀун бачӀана 2) (*откинуть назад корпус, голову*) (нахъе) вегизе, бетӀер нахъе бегизабизе; **~ться на спи́нку сту́ла** бакӀил мугъалде вегизе

ОТВА́Р *м* гьагӀу; **мясно́й ~** гьанал гьагӀу; **ри́ совый** ~ пиринчӀ гъорлъ белъараб лъим

ОТВА́РИВАТЬ *несов. см.* **отвари́ ть**

ОТВАРИ́ТЬ *сов. что* белъинабизе; ~ **рис** пиринчӀ белъинабизе

ОТВАРН//О́Й, -ая, -ое 1) белъараб; **~ое мя́со** белъараб гьан 2) *разг.* гьалдезабураб

ОТВЕ́ДАТЬ *сов. что, чего* 1) (*попробовать*) кӀалдиб лъезе, хӀал бихьизе; ~ **пирога́** цӀурачедалъул (пирогалъул) хӀал бихьизе 2) (*испытать*) бихьизе, лъазе, хӀехьезе; ~ **го́ря** кьварилъи бихьизе

ОТВЕ́ДЫВАТЬ *несов. см.* **отве́дать**

ОТВЕЗТИ́ *сов. кого-что* 1) щвезабизе; ~ **письмо́ на по́чту** почалде кагъат щвезабизе 2) (*увезти, удалить*) нахъе баччизе, баччун щвезабизе; ~ **ка́мни в сто́рону от доро́ги** нухдаса гамачӀ цояб рахъалде баччизе

ОТВЕРГА́ТЬ *несов. см.* **отве́ргнуть**

ОТВЕ́РГНУТЬ *сов. кого-что* нахъчӀвазе; ~ **прое́кт** проект нахъчӀвазе; ~ **по́мощь** кумек нахъчӀвазе (*кумекалдаса инкар гьабизе*)

ОТВЕРДЕВА́ТЬ *несов. см.* **отверде́ть**

ОТВЕРДЕ́Л//ЫЙ, -ая, -ое къвакӀун лъугьараб, къвакӀараб; **~ая о́пухоль** къвакӀараб гьор (*гьорораб бакӀ*)

ОТВЕРДЕ́НИЕ *с* 1) (*по гл.* **отверде́ть**) къва́кӀи 2) (*отверделость*) къвакӀун лъугьараб бакӀ

ОТВЕРДЕ́//ТЬ *сов.* 1) къвакӀизе; **цеме́нтный раство́р ~л** цементалъул раствор къвакӀана 2) (*стать суровым*) кьваризе, кьварун лъугьине

ОТВЕ́РЖЕННЫЙ, -ая, -ое 1) махӀрум гьавурав, нахъе гъурав, киназдаго рихарав 2) *в знач. сущ. ~ м* махӀрум гьавурав чи

ОТВЕРНУ́ ТЬ *сов. что* 1) (*отвинтить*) кьурун нахъе бахъизе; ~ **га́йку** гайка кьурун нахъе бахъизе 2) (*открыть*) кьурун рагьизе; ~ **кран** кьурун кран рагьизе 3) (*повернуть в сторону*) цояб рахъалдехун буссинабизе; ~ **го́лову** бетӀер цояб рахъалдехун буссинабизе 4) (*оторвать*) кьурун тӀезе; ~ **ку́кле го́лову** ясикӀоялъул бетӀер кьурун тӀезе 5) (*отогнуть, загнуть*) цояб рахъалдехун чӀвазабизе, гьетӀизабизе; ~ **рука́в** гурдил къвал нахъехун чӀвазабизе 6) *разг. (изменить направление*) унаго батӀияб рахъалде сверизабизе

ОТВЕРНУ́ ТЬСЯ *сов.* 1) (*отвинтиться*) чучун бачӀине, чучизе 2) (*открыться*) кьурун рагьун бачӀине 3) (*повернуться в сторону*) цояб рахъалде буссине 4) *от кого-что перен.* мугъ рехизе, барщун чӀезе

ОТВЕ́РСТИЕ *с* каратӀ; **заде́лать в стене́** ~ къадалъ бугеб каратӀ бацизе; ~ **для све́та** канлъиялъе тараб каратӀ

ОТВЕРТЕ́ТЬ *сов. разг. см.* **отверну́ть 1**

ОТВЕРТЕ́ТЬСЯ *сов.* 1) *см.* **отверну́ться** 2) *разг. (отделаться от чего-л.*) ворчӀизе, цояб рахъалде хьвазе; ~ **от поруче́ния** кьураб тӀадкъаялдаса ворчӀизе

ОТВЁРТКА *ж* бурав кьурулеб жо, отвёртка

ОТВЁРТЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **отверну́ть(ся)**

ОТВЕ́С *м* 1) *тех.* отвес (*эхеде балагьи рекъезабизе кварил цояб рахъалда бухьараб бакӀлъи, гулла)* 2) (*склон*) эхетараб лабаллъи

ОТВЕ́СИТЬ *сов.* 1) *что, чего (взвесить)* цӀазе, цӀан кьезе 2) *что разг.* щвезабизе, бахинабизе, кьабизе; ~ **проще́чину** гьурмалъ хъат щвезабизе ◊ ~ **покло́н** бетӀер къулизе

ОТВЕ́СНО *нареч.* эхебе балагьун

ОТВЕ́СН//ЫЙ, -ая,-ое эхебе балагьараб; **~ая скала́** эхебе балагьараб кьуру; эхтераб *(90 градусалъ*)

ОТВЕСТИ́ *сов.* 1) *кого-что (доставить куда-л.*) щвезабизе; ~ **детей в де́тский сад** лъималазул ахикье лъимал щвезаризе 2) *кого-что (в сторону*) цо рахъалде бачине; ~ **ста́до от доро́ги** нухдаса рехъен нахъе бачине 3) *что (направить в сторону)* цояб рахъалде тӀамизе, бегизе; ~ **во́ду** лъим бегизе 4) *что (предотвратить)* нахъчӀвазе; ~ **беду́** балагь нахъчӀвазе 5) *что (предназна-*

чить) бихьизабизе, кьезе; ~ **уча́сток под шко́льный сад** школалъул ах гьабиялъе бакI бихьизабизе 6) *кого-что (отклонить)* нахъчIвазе; ~ **кандидату́ру** кандидатура нахъчIвазе ◊ ~ **ду́шу** ракIалда бугеб жо бицине, ургъел бикьизе; **он не мог глаз ~** гьосда бер тIаса босизе кIолеб букIинчIо

ОТВЕ́Т *м* 1) жаваб; **получи́ть ~ на письмо́** кагътие жаваб щвезе; **положи́тельный ~** уяб жаваб; **име́ть на всё гото́вый ~** киналъего хIадурараб жаваб букIине 2) (*ответственность*) жавабчилъи, жаваб кьей; **призва́ть к ~у** жавабчилъиялде цIазе; **быть в ~е** жаваб кьолевлъун вукIине; **за э́то и ты несёшь ~** гьелъул дуцаги жаваб кьезе ккола 3) *мат.* жаваб; **получи́ть пра́вильный ~** битIараб жаваб щвезе 4) (*отклик*) жаваб; **его любо́вь оста́лась без ~а** гьосул рокьуе данде жаваб щвечIо ◊ **ни ~а ни приве́та** хабар къотIана; **в ~** а) (*отвечая*) данде жаваб кьун; б) (*реагируя на что-л.*) данде вахъун

ОТВЕТВИ́ //ТЬСЯ *сов.* бикь-бикьизе; гIаркьахине; **от магистра́ли ~лось не́сколько доро́г** аслияб нухдасан чанго нух бикьбикьун буго

ОТВЕТВЛЕ́НИ//Е *с* 1) (*по гл.* **ответви́ ться**) бикь-бикьун ин; гIаркьахин 2) (*отросток*) гIаркьел (*хьолбохъан кIанцIараб*); **и́ва даёт мно́го ~й** рицIигъотIол гIемерал хьолбохъан кIанцIарал гIаркьалаби рукIуна

ОТВЕТВЛЯ́ ТЬСЯ *несов. см.* **ответви́ ться**

ОТВЕ́ТИТЬ *сов.* 1) *на что, чем* жаваб кьезе, бицине; ~ **на вопро́с** суалалъе жаваб кьезе; ~ **уро́к** дарс бицине 2) *чем на что* загьир гьабизе, лъазабизе; ~ **презре́нием на де́рзкую вы́ходку** рекъечIеб ишалде бугеб рокьукълъи загьир гьабизе 3) *за кого-что* жаваб кьезе; ~ **за свой посту́пок** жинца гьабуралъул жаваб кьезе

ОТВЕ́ТН//ЫЙ, -ая, -ое жаваблъун (*жавабалъе*) бугеб, данде бугеб; **~ое письмо́** жаваблъун бугеб кагъат; **~ая статья́** жаваб-лъун бугеб макъала; **~ый покло́н** данде бетIер къули

ОТВЕ́ТСТВЕННОСТ//Ь *ж* жавабчилъи, жаваб кьей; **возложи́ть ~ь** *на кого-л. за что-л. сундулниги* жавабчилъи *лъиданиги* тIад къазе; **привле́чь к ~и** жавабалде цIазе

ОТВЕ́ТСТВЕНН//ЫЙ, -ая, -ое 1) жавабияб; **~ый рабо́тник** жавабияв хIалтIухъан; **~ый реда́ктор** жавабияв редактор 2) (*важный*) кIвар бугеб; **~ая рабо́та** кIвар бугеб хIалтIи

ОТВЕ́ТЧИК *м* 1) *юр.* жинда дагIба балев чи 2) *разг. (тот, кто несет ответственность*) жавабияв, жаваб кьезе кколев чи

ОТВЕ́ТЧИЦА *ж* 1) жинда дагIба балей гIадан 2) жаваб кьезе кколей гIадан, жавабияй

ОТВЕЧА́ТЬ *несов.* 1) *см.* **отве́тить** 2) *за кого-что (быть ответственным*) жавабиявлъун вукIине; жаваб кьезе; ~ **за пору́ченное де́ло** тIад къараб ишалъул жаваб кьезе 3) *чему (соответствовать)* рекъон ккезе, данде ккезе; ~ **интере́сам наро́да** халкъалъул мурадазда данде ккезе

ОТВЕ́ШИВАТЬ *несов. см.* **отве́сить**

ОТВИ́ ЛИВАТЬ *несов. см.* **отвильну́ть**

ОТВИЛЬНУ́ ТЬ *сов. от чего разг. (хIиллаялдалъун, сихIирлъиялдалъун*) *сундасаниги* ворчIизе; ~ **от отве́та** жавабалдаса ворчIизе

ОТВИНТИ́ ТЬ *сов. что* кьурун нахъе бахъизе; ~ **га́йку** гайка кьурун нахъе бахъизе

ОТВИНТИ́//ТЬСЯ *сов.* жибго кьурун (тIад сверун) бахъун бачIине; **гайка ~лась** гайка жибго кьурун бахъун бачIана

ОТВИ́ НЧИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **отвинти́ ть(ся)**

ОТВИСА́ТЬ *несов. см.* **отви́ снуть**

ОТВИ́СЛ//ЫЙ, -ая, -ое *разг.* даларараб, гьартараб; **~ые усы́** даларал михъал; **~ые щёки** гьартарал кIаркьаби

ОТВИ́С//НУТЬ *сов.* дализе, гьартизе; **щёки ~ли** кIаркьаби гьартун руго

ОТВЛЕКА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **отвле́чь(ся)**

ОТВЛЕЧЕ́НИ//Е *с* 1) (*по гл.* **отвле́чь**) цогидаб жоялде (рахъалде) буссинаби; **для ~я внима́ния** кIвар (*пикру*) цогидаб жоялде буссинабиялъе 2) *уст. (отвлеченное понятие, абстракция*) хIакъикъаталдаса тIураб бичIчIи

ОТВЛЕЧЁННО *нареч.* абстрактияб къагIидаялъ, хIакъикъаталдаса тIураб бичIчIигун; **рассужда́ть** ~ абстрактияб къагIидаялъ пикраби гьаризе

ОТВЛЕЧЁНН//ЫЙ, -ая, -ое абстрактияб, хIакъикъаталдаса рикIкIадаб; **~ые нау́ки** хIакъикъаталдаса рикIкIадал, абстрактиял гIелмаби; **~ое поня́тие** хIакъикъаталдаса тIураб бичIчIи ◊ **~ое и́мя существи́тельное** *грам.* цо хасаб предметалда бугеб цIаралъухъ балагьичIого, гIаммаб гIаламат, сипат-сурат цIар чIван бихьизабулеб предметияб цIар (*мас.: бецIлъи, хъублъи ва гь.ц.*); **~ое число́** жинца борцунеб жо загьир гьабулареб тарих

ОТВЛЕ́ЧЬ *сов. кого-что от чего* кIвар (*пикру*) цогидаб жоялде буссинабизе, цогидаб жоялъ жиндехунго вуссинавизе; ~ *чьел.* **внима́ние** *лъилниги* пикру цогидаб рахъалде буссинабизе; **кни́ -га отвлекла́ его́** тIехьалъ гьесул пикру жиндехунго буссинабуна

ОТВЛЕ́ЧЬСЯ *сов. от чего* батIияб жоялде вуссине; ~ **на мину́ту от рабо́ты** гьабулеб хIалтIиги тун, цо минуталъ батIияб жоялде вуссине

ОТВО́Д *м* **1.** (*по гл.* **отвести́**) 1) цогидаб рахъалде тIами; ~ **реки́** гIор цогидаб рахъалде тIами 2) (*участка земли и т.п.*) бихьизаби, кьей 3) (*войск*) нахъе бачин **2.** (*кандидата, свидетеля*) инкар гьаби (*сундулъниги гIахьаллъиялдаса*) **3.** *тех.* аслиялда бацIцIун бачараб, гIункIрукь гьабураб (*труба, кабель*) ◊ **для ~а глаз** ххвалие, рихьдае, тохлъизелъун

ОТВОДИ́ ТЬ *несов. см.* **отвести́**

ОТВО́ДНЫЙ, -ая, -ое цогидаб рахъалдехун балагьизабиялъе бугеб, бикьун бачиналъе бугеб; ~ **кана́л** цогидаб рахъалдехун лъим балагьизабиялъе (бачине) бугеб канал

ОТВОЕВА́ТЬ *сов.* 1) *кого-что (вернуть войной*) рагъ гьабун, нахъе бахъизе; ~ **свою́ зе́млю у врага́** рагъ гьабун, тушманасухъа жидерго ракь нахъе бахъизе 2) *разг. (кончить воевать*) рагъ гьабун лъугIизе 3) *перен.* чIаго гьабизе, жо бижулеблъун гьабизе; ~ **у пусты́ни кусо́к земли́** салул авлахъалъул ракьул кесек чIаго гьабизе

ОТВОЁВЫВАТЬ *несов. см.* **отвоева́ть**

ОТВОЗИ́ ТЬ *несов. см.* **отвезти́**

ОТВОРА́ЧИВАТЬ *несов. см.* **отверну́ть**

ОТВОРА́ЧИВАТЬСЯ *несов. см.* **отверну́ться**

ОТВОРИ́ ТЬ *сов. что* рагьизе, ричIизе; ~ **окно́** горду рагьизе

ОТВОРИ́//ТЬСЯ *сов.* рагьун ине, рагьун бачIине; **дверь ~лась** нуцIа рагьун бачIана

ОТВОРО́Т *м* чIвазабураб рагIал, габур; **пиджа́к с широ́кими ~ами** гIебаб габуралъул пиджак; **брю́ки без ~ов** чIвазабураб ахалъи гьечIеб тIажу

ОТВОРЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **отвори́ ть(ся)**

ОТВРАТИ́ТЕЛЬНО *нареч.* квешго, квешаб хIалалда, рокьукъго, рихун; **я себя́ чу́вствую ~** дун квешаб хIалалда вуго

ОТВРАТИ́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое цIакъ квешаб, рокьукъаб, рихараб; **~ый за́пах** цIакъ квешаб махI; **~ая пого́да** цIакъ квешаб гьава-бакъ

ОТВРАТИ́ ТЬ *сов. что* нахъчIвазе, гъукъизе, биччангутIизе; ~ **беду́** балагь нахъчIвазе; ~ **опа́сность** хIинкъи нахъчIвазе

ОТВРАЩА́ТЬ *несов. см.* **отврати́ ть**

ОТВРАЩЕ́НИЕ *с* 1) (*по гл.* **отврати́ ть**) нахъчIвай, гьукъи 2) ракIкъай, рихин, рокьукълъи; **испы́ тывать ~** *к кому-чему-л. лъиденигu-сунденигu* рокьукълъи букIине

ОТВЫКА́ТЬ *несов. см.* **отвы́ кнуть**

ОТВЫ́ КНУТЬ *сов.* 1) *от чего и с неопр.* ругьунаб жо рехун тезе; ~ **от куре́ния** хъалиян тезе 2) *от кого-чего* ракI щунгутIизе; ~ **от до́ма** рукъалде (рокъобе) ракI щунгутIизе

ОТВЯЗА́ТЬ *сов. кого-что* бухьаралъуса бичизе, бичун биччазе; ~ **верёвку** квар бичизе; ~ **соба́ку** гьой бичун биччазе

ОТВЯЗА́//ТЬСЯ *сов.* 1) бичун бачIине; **кана́т ~лся** квар бичун бачIана 2) *от кого-чего перен. разг. (отделаться, избавиться)* ватIалъизе, вичIизе; **я не могу́ ~ться от э́той мы́сли** гьеб пикруялдаса ватIалъизе кIолеб гьечIо дида 3) *от кого-чего перен. разг. (оставить в покое)* жибго тезе, рахIат тезе; **отвяжи́сь от меня́ !** дун живго те!

ОТВЯ́ ЗЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **отвяза́ть(ся)**

ОТГАД//А́ТЬ *сов. что* ракIалда бугеб жо лъазе, нахъгIунтIизе; **~а́ть план проти́вника** тушманасул къасдазда нахъгIунтIизе; **~ать кроссво́рд** кроссвордалда ругел жал лъазе, жавабал ратизе; **~а́й зага́дку** бицанкIояльe жаваб бате (бицанкIо чIвай)

ОТГА́ДКА *ж* нахъгIунтIи, лъай

ОТГА́ДЫВАТЬ *несов. см.* **отгада́ть**

ОТГИБА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **отогну́ть(ся)**

ОТГЛАГО́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое *грам.* глаголалдасан лъугьараб; **~ое существи́ тельное** глаголалдасан лъугьараб предметияб цIар

ОТГЛА́//ДИТЬ *сов.* 1) *что* иту чIвазе, битIа-бишизабизе; **~дить швы** рукъумухъал (кьугIдул), иту чIван, ритIизаризе; **костю́ м не ~жен** костюмалда иту чIван гьечIо 2) иту чIван лъугIизабизе

ОТГЛА́ДИ//ТЬСЯ *сов.* 1) иту чIван, битIизе; **пла́тье хорошо́ ~лось** гурде, иту чIван, лъикI битIун буго 2) иту чIван лъугIизе

ОТГОВА́РИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **отговори́ ть(ся)**

ОТГОВОРИ́ ТЬ *сов. кого от чего и с неопр.* гьабичIого тезабизе, итизавизе; **~ от поку́пки** бичун босулеб жо тезабизе

ОТГОВОРИ́ ТЬСЯ *сов.* багьана, гIилла батизе, гIилла бачун, тIаса бихьизабизе; **~ нездоро́вьем** унтун вугилан, багьана батизе; **ты не смо́жешь ~** дуда гIиллла батизе (тIаса бихьизабизе) кIвезе гьечIо

ОТГОВО́Р//КА *ж* багьана бати, гIилла бачин, багьана; **без ~ок!** багьанаби ратуге!; **отде́лываться ~ками** багьанаби ратун, тIаса бихьизабизе

ОТГОЛО́С//ОК *м* 1) рикIкIадасан рагIулеб гьаракь, сас; **~ки пе́сни** рикIкIадасан рагIулеб кочIол гьаракь 2) *перен.* асар; **~ки про́шлого** араб заманаялъул асар

ОТГО́Н *м* 1) (*по гл.* **отогна́ть**) нахъе хъами, нахъе гъей, гочинаби 2) (*пребывание на пастбище*) жанибе гьечIого, боцIи къватIиб букIин 3) *тех. (продукт отгонки*) *сундулниги* бахъараб жо (*гIаракъи ва гь.ц.*)

ОТГО́НКА *ж см.* **отго́н 1**

ОТГО́ННЫЙ, -ая, -ое гочинарулеб, риидал жанир толареб

ОТГОНЮ́ , отго́нишь *и т.д. буд. от* **отогна́ть**

ОТГОНЯ́ ТЬ *несов. см.* **отогна́ть**

ОТГОРА́ЖИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **отгороди́ ть(ся)**

ОТГОРОДИ́ТЬ *сов.кого-что* 1) къед гьабун (чали чIван), гьоркьоса кIотIизе, батIалъизабизе; **~ сад забо́ром** чали чIван, ах батIа гьабизе 2) *перен.* тIезабизе, бухьен, гьоркьоблъи лъугIизабизе; **~ от всего́ све́та** кинабго дуняламдасаго тIезабизе

ОТГОРОДИ́ТЬСЯ *сов. от кого-чего* 1) къед гьабун (*чали чIван ва гь.ц.*), цогидаздаса ватIалъизе, ватIалъун чIезе 2) *перен.* бухьен тун (нахъе кIанцIун) чIезе; **~ от ста́рых друзе́й** цересел гьудулзабаздаса нахъе кIанцIун чIезе

ОТГРЕБА́ТЬ *несов. см.* **отгрести́**

ОТГРЕМЕ́//ТЬ *сов.* 1) гъугъадун бахъине; **гром ~л** гъугъадун бахъана 2) *перен.* къатIизе, лъугIизе; **~ли бои́** рагъал лъугIана

ОТГРЕСТИ́ *сов.* 1) нахъе хачазе, нахъе хъащтIизе, нахъе ххазе; **~ соло́му гра́блями** кьохорхоялъ сум (хьутI) нахъе ххазе 2) (*веслами*) раххназ лъим ххан, рикIкIалъизе, дорегIан ине, цо рахъалде бачине

ОТГРУЖА́ТЬ *несов. см.* **отгрузи́ ть**

ОТГРУЗИ́ТЬ *сов. что (тIадги лъун, тIаде бан*) битIизе (*къайи ва гь.ц.*); **~ у́голь** тIурччи битIизе

ОТГРУ́ ЗКА *ж* (*по гл.* **отгрузи́ ть**) тIадги лъун, битIи

ОТГРЫЗА́ТЬ *несов. см.* **отгры́ зть**

ОТГРЫ́ ЗТЬ *сов. что* хъарсун кваназе, тIаса хъарсизе

ОТГУ́ Л *м* (*по гл.* **отгуля́ть**) 1) *кигIаналиго заманалъ* тирасвери, хIухьбахьи гьаби 2) тIаде (цIикIкIун) гьабураб хIалтIухъ (дежурствоялъухъ) кьолел эркенал къоял (*отгул*), тIадекъоял

ОТГУЛЯ́ ТЬ *сов.* 1) (*кончить гулять*) тира-сверун вахъине 2) *что (получить отгул*) тIадекъоял щвезе 3) *что (отпраздновать*) байрам тIобитIизе; **~ сва́дьбу** бертин гьабизе

ОТДА//ВА́ТЬ *несов.* 1) *см.* **отда́ть** 2) *чем* махI букIине; **бо́чка ~ет ры́бой** чирмаялдаса ччугIил махI буго 3) *чем перен.* асар, релълъен букIине; **э́ тот расска́з ~ет старино́й** гьеб хабаралда некIо заманалъул асар, релълъен буго

ОТДАВА́ТЬСЯ *несов. см.* **отда́ться**

ОТДАВИ́//ТЬ *сов. что* мерхьун (данде къан, тIаде цун) унтизабизе; **мне ~ли но́гу** дир хIетIе мерхьун унтизабуна

ОТДАЛЕ́НИ//Е *с* **1.** (*по гл.* **отдали́ ть**) 1) рикIкIалъизаби, нахъбахъи 2) рикIкIалъи, кIудияб манзил **2.** (*по гл.* **отдали́ ться**) 1) нахъегIан (добегIан) къай 2) нахъе кIанцIун чIей, гьоркьоблъи хвей

ОТДАЛЁННОСТЬ *ж* рикIкIад букIин, рикIкIалъи; **~ от райо́нного це́нтра** районалъул централдаса рикIкIад букIин

ОТДАЛЁНН//ЫЙ, -ая, -ое рикIкIадаб; **~ая ме́стность** рикIкIадаб бакI; **~ое родство́** рикIкIадаб гIагарлъи

ОТДАЛИ́//ТЬ *сов. кого-что* 1) рикIкIалъизабизе 2) *перен. (вызвать отчуждение)* нахъе кьабизе, нахъегIан чIезавизе

ОТДАЛИ́ТЬСЯ *сов. от кого-чего* 1) рикIкIалъизе; **~ от бе́рега** рагIалдаса рикIкIалъизе 2) *перен.* батIа кIанцIун чIезе; **~ от това́рищей** гьалмагъзабаздаса батIа кIанцIун чIезе

ОТДАЛЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **отдали́ ть(ся)**

ОТДА́ТЬ *сов.* 1) *кого-что (возвратить)* нахъе кьезе, тIад буссинабизе; **~ кни́гу** тIехь нахъе кьезе; **~ долг** налъи кьезе 2) *кого-что перен. сундуениги* кьезе; **~ все си́лы нау́ке** кинабго къуват гIелмуялъе кьезе 3) *кого-что куда (передать) кибениги* кьезе; **~ боти́ нки на ремо́нт** ботинкаби къачIазе кьезе; **~ ребёнка в шко́лу** лъимер школалде кьезе 4) *кого-что (пожертвовать*) кьезе; **~ свою́ жизнь** жиндирго гIумру кьезе 5) *кого-что (сдать) лъихъениги* кьезе, *лъиениги* тезе; **~ го́род неприя́телю** шагьар тушманасе тезе 6) *кого-что (отправить куда-л. учиться)* цIализе витIизе 7) *кого (выдать замуж)* росасе кьезе; **~ свою́ дочь за врача́** жиндирго яс тохтурасе росасе кьезе 8) *кого-что разг. (продать)* кьезе, бичизе; **~ вещь дёшево** бичулеб жо учузго кьезе 9) (*об оружии*) нахъе тункизе, туркIизабизе; **ружьё отда́ло в плечо́** тункIица гъажибетIер туркIизабуна 10) *что мор.* бичизе, гIодобе биччазе, чучлъизабизе; **~ я́ корь** лангар гIодобе биччазе 11) кьезе; **~ распоряже́ние** буюрухъ кьезе; **~ после́дний долг** ахирисеб борч тIубазабизе (*хабалъ лъезе, вукъизе*); **~ честь** честь кьезе, час кквезе; *~ кого-л.* **под суд** *щивниги* судалде кьезе; **~ до́лжное** *кому-л.* кколеб къимат кьезе; кIвар букIин бихьизабизе

ОТДА́//ТЬСЯ *сов.* 1) *кому-чему, на что* мутIигIлъун чIезе; **~ться на во́лю победи́ теля** бергьарасе мутIигIлъун чIезе 2) *кому-чему (посвятить себя)* тIолабго гIумру кьезе; **~ться нау́ке** гIелмуялъе тIолабго гIумру кьезе 3) *перен.* кьезе; **боль ~ла́сь в спине́** унти мугъзалъеги кьуна

ОТДА́Ч//А *ж* 1) (*по гл.* **отда́ть**) нахъе кьей 2) (*оружия*) нахъе туркIи, нахъе кьаби (*къвагьун хадуб*) 3) *спорт.* нахъе кIа́нцIи; **~ мяча́** таргIил нахъе кIанцIи 4) *тех.* отдача, механизмазул хIалтIулъ бугеб пайда; 5) хIалтIул рахъи, пайдояб хIасил ◊ **без ~и** нахъбуссинабичIого тезелъун

ОТДЕ́Л *м* 1) (*в учреждении и т.п.*) отдел; **~ ка́дров** кадрабазул отдел; **~ свя́ зи** бухьеналъул отдел; **спра́вочный ~** справкабазул отдел 2) (*книги, науки и т.п.*) бутIа

ОТДЕ́ЛАТЬ *сов.* 1) *что* къачIан лъугIизабизе; **~ дом** мина къачIан лъугIизабизе 2) *что чем (украсить)* чIухIизабизе, берцин гьабизе; **~ пла́тье кружева́ми** гуржибаялъ гурде берцин гьабизе 3) *кого-что прост. (испачкать)* чороклъизабизе 4) *кого прост. (выбранить) лъидениги* семизе; **основа́тельно ~** *кого-л.* унгоунгояб къагIидаялъ, кутакалда семизе

ОТДЕ́ЛАТЬСЯ *сов. разг.* 1) *от кого-чего (избавиться)* тIаса бихьизабизе; **~ от ску́чной рабо́ты** чIамучIаб хIалтIи тIаса бихьизабизе 2) *чем (ограничиться чем-л. несущественным*) бигьаго ворчIизе, хвасарлъизе; **~ лёгким испу́гом** дагьа-макъаб гурого хIинкъи ккечIого, ворчIизе; **дёшево отде́лался** бигьаго ворчIана; **~ отгово́рками** багьанаби ратун, ворчIизе

ОТДЕЛЕ́НИ//Е *с* **1.** (*по гл.* **отдели́ ть**) батIалъизаби **2.** (*по гл.* **отдели́ ться**) батIалъун ин, батIалъи **3.** (*часть чего-л., учреждение*) отделение, бутIа; **хирурги́ческое ~е больни́цы** больницаялъул хирургиялъулаб отделение **4.** *воен.* отделение; **команди́ р ~я** отделенияльул командир **5.** (*концерта и т.п.*) бутIа **6.** (*часть помещения, вместилища*) къотIел; **~е в бума́жнике** бухчадул (можникIалъул) къотIел

ОТДЕЛИ́ ТЬ *сов.* 1) *что* батIа гьабизе, бахъизе; **~ тво́рог от сы́воротки** рододаса нису батIа гьабизе, нису бахъизе 2) *кого-что (изолировать)* батIаго чIезабизе; **~ зара́зного больно́го** бахунеб унтиялъ унтарав батIаго чIезавизе 3) *что (выделить)* гьабизе, букIинабизе; **~ в кабине́те ме́сто для машини́ стки** кабинеталъуб машинисткаялъе бакI гьабизе

ОТДЕЛИ́//ТЬСЯ *сов. кого-чего* 1) батIалъизе, батIа тIезе; **мя́со ~лось от ко́сти** ракьаялдаса гьан батIалъана 2) ватIалъизе (*хъизан гьабун*); **ста́рший сын ~лся** кIудияв вас ватIалъана (*батIаго гIумру гьабулев вуго*)

ОТДЕ́ЛКА *ж* 1) (*по гл.* **отде́лать**) къачIай, берцин гьаби, тIад хIалтIи гьаби 2) (*украшение*) берцинлъиялъе бугеб жо, берцинлъизабулеб жо

ОТДЕ́ЛОЧН//ЫЙ, -ая, -ое къачIаялъе бугеб, къачIан лъугIизабиялъулаб, къачIаялъулаб; **~ые рабо́ты** къачIаялъулал хIал-тIаби, тIад гьарулел хIалтIаби

ОТДЕ́ЛЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **отде́лать(ся)**

ОТДЕ́ЛЬНО *нареч.* батIаго, батIа тIун; **он живёт ~** гьос батIаго гIумру гьабулеб буго

ОТДЕ́ЛЬНОСТ//Ь *ж*: **в ~и** хас гьабун, батIа-батIаго; **надо сказа́ть ка́ждому в ~и** щивасда хас гьабун абизе ккола

ОТДЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*обособленный*) хасаб, батIа тIураб, жибго жиндаго чIараб; **~ая кварти́ра** батIаго бугеб, батIа тIураб квартира 2) (*единичный*) цо-цо; **~ые ли́ ца** цо-цо чагIи; **~ые крити́ ческие замеча́ния** цо-цо критикиял кантIизариял

ОТДЕЛЯ́ //ТЬ *несов.* 1) *см.* **отдели́ть** 2) *что от чего (служить границей)* гьоркьоб букIине, гIурхъилъун букIине; **река́ ~ет одну́ часть го́рода от друго́й** шагьаралъул кIиябго бутIаялда гьоркьоб гIор буго (шагьаралъул цояб бутIа цогиялдаса гIоралъ тIезабула)

ОТДЕЛЯ́ ТЬСЯ *несов. см.* **отдели́ ться**

ОТДЁРГИВАТЬ *несов. см.* **отдёрнуть**

ОТДЁРНУТЬ *с ов. что* туркIун нахъе бачине, цебеса нахъе гьабизе; **~ зана́вески** гордаригъал туркIун нахъе рачине

ОТДЕРУ́ , отдерёшь *и т.д. буд. от* **отодра́ть**

ОТДОХНУ́ ТЬ *сов.* хIухьбахъи гьабизе

ОТДУВА́ТЬСЯ *несов.* 1) (*тяжело дышать*) гьеки бахъине, захIматго хIухьел цIазе 2) *за кого-что перен. разг. (за чужую ошибку и т.п.)* кинабго жавабчилъи тIаде ккезе, чияр гъалатIазул жаваб кьезе ккезе

О́ТДЫХ *м* хIухьбахъи, хIалхьи гьаби, свак чучи; **день ~а** хIухьбахъиялъул къо; **нужда́ться в ~е** хIалхьи хIажалъизе; **без ~а** чIечIого, хIухьбахъи гьабичIого

ОТДЫХА́ТЬ *несов. см.* **отдохну́ть**

ОТДЫХА́ЮЩИЙ *м* хIалхьуда вугев, хIухьбахъи гьабулев

ОТДЫХА́ЮЩАЯ *ж* хIухьбахъи гьабулей, хIалхьуда йигей

ОТДЫША́ТЬСЯ *сов.* гьеки лъугIизе, гIодове виччазе; **~ по́сле бе́га** векериялдаса хадуб гьеки лъугIизе, эркенго хIухьел цIазе

ОТЁК *м* гьор, гьорой; **~ ног** хIатIал гьорой; **~и под глаза́ми** беразда гьоркь гьор рехарал къучIби

ОТЕКА́ТЬ *несов. см.* **оте́чь**

ОТЁЛ *м* гIака къинлъи, бече гьаби

ОТЕЛИ́ ТЬСЯ *сов.* гIака къинлъизе, бече гьабизе

ОТЕПЛЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **отепли́ ть**) хинлъи, хинлъизаби

ОТЕПЛИ́ТЬ *сов. что* хинлъизабизе, хинлъи цIунулеблъун гьабизе

ОТЕПЛЯ́ ТЬ *несов. см.* **отепли́ ть**

ОТЕСА́ТЬ *сов. см.* **обтеса́ть**

ОТЁСЫВАТЬ *несов. см.* **обтеса́ть**

ОТЕ́Ц *м* эмен, бетIер, кьучI лъурав чи; **~ семе́йства** хъизаналъул бетIер; **на́ши отцы́** нилъер умумул; **~ ру́сской авиа́ции** гIурус авиациалъе кьучI лъурав чи; **прие́мный ~** бесдал эмен

ОТЕ́ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое инсулаб; **~ая забо́та** инсулаб тIалаб

ОТЕ́ЧЕСТВЕНН//ЫЙ, -ая, -ое ватIаналъул(аб), ватIанияб, улкаялъул(аб); **това́ры ~ого произво́дства** улкаялда жаниб гьабураб къайи; **~ая нау́ка** ватIаналъулаб гIелму ◊ **Вели́кая Оте́чественная война́** КIудияб ВатIанияб рагъ

ОТЕ́ЧЕСТВО *с* ватIан

ОТЕ́//ЧЬ *сов.* 1) гьорозе (*опухнуть*); тIилгIазе (*онеметь*); **у меня́ ~кло́ лицо́** дир гьумер гьорона 2) (*оплыть при горении*) рекIунаго биун ине; **от горе́ния свеча́ ~кла́** бухIулаго хIедучирахъ биун ана (биун чвахана)

ОТЖА́ТЬ[1] *сов. что* 1) (*выжать*) къан цIузе, мерхьун гьорлъа сок бачIинабизе, сок бахъизе; **~ бельё** гьоркьан ретIел къан цIузе; **~ виногра́д** цIолбол гIин бахъизе 2) (*нажимая отделить*) тIадецуялъ (хIалуциналъ) нахъегIан инабизе (батIалъизабизе); **~ затво́р** затвор хIалуциналъ нахъе инабизе

ОТЖА́ТЬ[2] *сов. что (закончить жатву)* лъилъари лъугIизабизе, лъилъун бахъинабизе; **~ пшени́цу** ролъ лъилъун бахъинабизе

ОТЖА́//ТЬСЯ[1] *сов. разг.* къан цIун, (бецIцIун) бачIине; **бельё хорошо́ ~лось** гьоркьан ретIел лъикI къан цIун бачIана (бецIцIун бачIана)

ОТЖА́ТЬСЯ[2] *сов. (закончить жатву)* лъилъи лъугIизе

ОТЖИВА́ТЬ *несов. см.* **отжи́ ть**

ОТЖИ́ВШИЙ, -ая, -ее 1) (*кончивший жить*) заман лъугIараб, гIумру араб 2) (*устарелый*) басралъараб, некIсияб, гьанже къвариГунареб; **~ обы́ чай** басралъараб гIадат

ОТЖИМА́ТЬ(СЯ)[1,2] *несов. см.* **отжа́ть(ся)**[1,2]

ОТЖИ́ ТЬ *сов.* 1) *что (кончить жить)* гIумру лъугIизе, кьурал къоял лъугIизе; аралда хутIизе, тIагIине; **~ свой век** гIумру лъугIизе 2) (*устареть*) басралъизе, хIалтIизабулареблъун, хIажат гьечIеблъун лъугьине; **э́ тот обы́чай о́тжил** гьеб гIадат басралъана

О́ТЗВУК *м* 1) дандерижи, рикIкIадасан чIвалеб сас 2) *перен.* хутIараб лъалкI; **~и про́шлого** араб заманалъул лъалкIал

ОТЗВУЧА́ТЬ *сов.* гьаракь къатIине (къотIизе)

ОТЗОВУ́ (СЬ), отзовёшь (ся) *и т.д. буд. от* **отозва́ть(ся)**

О́ТЗЫВ *м* **1.** (*по гл.* **отозва́ть**) 1) нахъе ахIи 2) нахъе вачин **2.** 1) (*отклик*) ахIиялъе жаваб кьей **2**) (*характеристика*) хасият рехсей **3**) (*мнение, суждение*) къимат кьей, пикру загьир гьаби; **~ о кни́ге** тIехьалъул хIакъалъулъ хъвараб пикру 4) *воен.* пароль *(балъгояб паролалъе жаваб)*

ОТЗЫВА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **отозва́ть(ся)**

ОТЗЫ́ВЧИВЫЙ, -ая, -ое чидае кумекалъе хIадурав; **~ челове́к** чидае кумекалъе хIадурав чи

ОТКА́З *м* (*по гл.* **отказа́ть**) нахъчIвай, инкар гьаби; **получи́ть ~** инкар гьабизе; **маши́на рабо́тает без ~а** машина, щибго квалкал гьечIого, хIалтIулеб буго; **до ~а** тIубан, нахъе жо течIого

ОТКАЗА́//ТЬ *сов.* 1) *кому-чему в чем* нахъчIвазе, инкар гьабизе; **~ть в про́сьбе** гьари нахъчIвазе 2) *кому от чего* гьукъизе, махIрум гьабизе; **~ть от ме́ста** бакIалдаса махIрум гьавизе; **~ть от до́ма** минаялдаса махIрум гьавизе 3) *разг. (перестать действовать)* хIалтIунгутIизе; **мото́р ~л** мотор хIалтIичIо 4) *кому в чем перен. (не признать чего-л. у кого-л.)* гьечIолъи бихьизабизе, рикIкIунгутIизе; **ему́ нельзя́ ~ть в остроу́мии** гъев бегIераб пикруялъул чи гьечIилан абизе бегьиларо (*гьесул бегIераб пикру букIиналда разилъизе ккола*)

ОТКАЗА́//ТЬСЯ *сов.* 1) *от чего и с неопр.* инкар гьабун чIезе, нахъчIвазе; **~ться от пое́здки** сапаралдаса инкар гьабун чIезе; **он ~лся от свои́х слов** жиндирго рагIабаздаса гъос инкар гьабуна 2) *с неопр. (перестать действовать)* хIалтIунгутIизе; хвезе; **замо́к ~лся служи́ть** рахай хIалтIичIо; **ру́ки ~лись рабо́тать** кверал хIалтIичIо; ◊ **не откажу́сь** нахъчIваларо, хIадурав вуго, гьираялда гьабила

ОТКА́ЗЫВА//ТЬ *несов. см.* **отказа́ть; ни в чём себе́ не ~ть** сундасаниги живго махIрум гьавунгутIизе, бокьа-бокьараб гьабизе (*босизе, кваназе ва гь.ц.*); **он ~ет себе́ во всём** гъос живго киналдасаго махIрум гьавула

ОТКА́ЗЫВАТЬСЯ *несов.* 1) *см.* **отказа́ться** 2) *разг. (не сознаваться)* мукIурлъунгутIизе

ОТКА́ЛЫВАТЬ(СЯ)[1,2] *несов. см.* **отколо́ть(ся)**[1,2]

ОТКА́ПЫВАТЬ *несов. см.* **откопа́ть**

ОТКА́РМЛИВАНИЕ *с* (*по гл.* **отка́рмливать**) хьихьун кьара гьаби

ОТКА́РМЛИВАТЬ *несов. см.* **откорми́ ть**

ОТКАТИ́ТЬ *сов.* 1) *кого-что (отодвинуть)* нахъе гиризе, гирун цо рахъалде бачине; **~ бревно́** чIалу нахъе гиризе 2) *разг.* (*быстро отъехать*) хехго нахъе ине (рекIун)

ОТКАТИ́ //ТЬСЯ *сов.* 1) нахъе гирун бачIине, нахъе гьулчун бачIине; **бревно́ ~лось** чIалу нахъе гирун бачIана 2) *перен. разг. (поспешно отступить)* хехлъи гьабун, нахъе къазе

ОТКА́ТЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **откати́ ть(ся)**

ОТКАЧА́ТЬ *сов. что* къватIибе кьабизе (*насосалъ*); **~ во́ду** лъим къватIибе кьабизе; **~ утопленника** гьанкъарав лъавуде вачIинавизе, вигьинавизе (*ургьимесалъуса лъимги къватIибе бачIинабун*)

ОТКА́ЧИВАТЬ *несов. см.* **откача́ть**

ОТКА́ШЛИВАТЬСЯ *несов. см.* **отка́шляться**

ОТКА́ШЛЯТЬСЯ *сов.* хъегIун щекъер рагьизабизе, хъегIдон щокъроса ахту инабизе

ОТКИДНО́Й, -ая, -ое цояб рахъалде (*нахъе*) чIвазабулеб; ~ **сто́лик** цояб рахъалде чIвазабулеб гьитIинаб стол

ОТКИ́ДЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **отки́нуть(ся)**

ОТКИ́НУТЬ *сов.* 1) *кого-что (отбросить)* нахъе рехизе, цояб рахъалде рехизе; ~ **ка́мень с доро́ги** нухдаса гамачI нахъе рехизе 2) *что (открыть)* (цояб рахъалде чIвазабун) рагьизе; ~ **кры́шку роя́ля** роялалъул тIалъел рагьизе 3) *что (отогнуть)* нахъе (*тIадехун*) чIвазабизе; ~ **воротни́к пальто́** пальтоялъул габур тIадехун чIвазабизе 4) *что (отвести назад*) нахъехун гьетIизабизе; ~ **го́лову** бетIер нахъекун гьетIизабизе

ОТКИ́НУТЬСЯ *сов. (отклониться назад)* мугъ чIвазе, нахъехун чIвазе; ~ **на спи́нку сту́ла** бакIил мугъ цулеб рахъалдехун чIвазе

ОТКЛА́ДЫВА//ТЬ *несов. см.* **отложи́ть; ◊ не ~я в до́лгий я́щик** нахътIамун течIого

ОТКЛА́НЯТЬСЯ *сов. уст.* нахъе унаго, къо-мех лъикI гьабизе (*къула-ворхун*)

ОТКЛЕ́ИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **откле́ить(ся)**

ОТКЛЕ́ИТЬ *сов. что* седаралъуса нахъе бахъизе; ~ **ма́рку с конве́рта** конверталдаса марка нахъе бахъизе, батIа гьабизе

ОТКЛЕ́И//ТЬСЯ *сов.* седаралъуса бичIун (батIалъун) ба-чIине; **ма́рка ~лась** марка седаралъуса бичIун (батIалъун) ба-чIана

О́ТКЛИК *м* 1) (*ответ на зов*) ахIаралъе жаваб, данде жаваб 2) *перен. (сочувственное отношение*) гурхIел (ургъел) гьабун, кIвар буссинаби 3) *мн.* **~и** (*отзывы и т.п.*) *сунданиги* тIасан (*газетазда хъван*) загьир гьабураб пикру; **благоприя́тные ~и кри́тики на кни́гу** тIехьалда тIасан критикаялъул лъикIал пикраби

ОТКЛИКА́ТЬСЯ *несов. см.* **откли́кнуться**

ОТКЛИ́КНУТЬСЯ *сов. на что* 1) ахIаралъе (хитIабалъе) данде жаваб кьезе, (*ответить на зов*) вугеб бакI лъазабизе (*подать весть*) 2) *перен. (выразить свое отношение к чему-л.*) *сундехунниги* жиндирго гьоркьоблъи загьир гьабизе (*жиндаги бихьараблъи, рагIараблъи бихьизабизе, гьоркьове лъугьине*)

ОТКЛОНЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **отклони́ть**) 1) нахъе (*цояб рахъалде*) цуй, гьетIизаби 2) инкар гьабизе тIами **2.** *перен. (отступление)* 1) нахъчIвай; ~ **про́сьбы** гьари нахъчIвай 2) гьетIи, тари; ~ **от но́рмы** нормаялдаса гьéтIи, кьу́ри, рукIел тей

ОТКЛОНИ́ТЬ *сов. кого-что* 1) (*в сторону*) нахъе цузе, гьетIизабизе, цояб рахъалде къазабизе; ~ **ве́тку** гIаркьел нахъе цузе 2) (*отвергнуть*) нахъчIвазе; ~ *чью-л.* **кандидату́ру** *лъилниги* кандидатура нахъчIвазе

ОТКЛОНИ́//ТЬСЯ *сов.* 1) (*в сторону*) хIуччдаса кьуризе, рукIел тезе; **стре́лка ко́мпаса ~лась** компасалъул хъаравулалъ рукIел тана 2) *перен.* рикIкIалъизе, кьуризе; **~ться от те́мы докла́да** докладалъул темаялдаса кьуризе

ОТКЛОНЯ́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **отклони́ть(ся)**

ОТКЛЮЧА́ТЬ *несов. см.* **отключи́ть**

ОТКЛЮЧИ́ТЬ *сов.* батIалъизабизе, розеткаялдаса бахъизе; ~ **телефо́н** телефон батIалъизабизе (*бахъун тезе*)

ОТКОВА́ТЬ *сов.* 1) (*закончить ковку*) бацIун бахъинабизе (*маххъ*) 2) *что (изготовить ковкой*) бацIун гьабизе 3) *что (отбить)* нахъе тIезабизе; ~ **подко́ву** тIикъва нахъе тIезабизе

ОТКО́ВЫВАТЬ *несов. см.* **откова́ть**

ОТКОЛА́ЧИВАТЬ *несов. см.* **отколоти́ть**

ОТКОЛОТИ́ТЬ *сов. разг.* 1) *что (отделить)* бухун нахъе бахъизе; ~ **кры́шку я́щика** ящикалъул тIалъел бухун нахъе бахъизе 2) (*побить*) кутакалда вухизе

ОТКОЛО́ТЬ[1] *сов.* 1) *что (отломить)* тIезабизе; ~ **кусо́чек са́хару** чакаралъул рекел тIезабизе 2) *что разг. (сказать что-л. неуместное)* къваригIел гьечIеб жо абизе 3) *кого перен. (заставить порвать с кем-л.*) ватIа гьавизе, тIезавизе; ~ *кого-л.* **от друзе́й** *щивниги* гьудулзабаздаса ватIа гьавизе, тIезавизе

ОТКОЛО́ТЬ[2] *сов. что* чIвараллъуса бахъизе (*рукIкIен, сасу*); ~ **була́вку** кIичIвалеб рукIкIен чIвараллъуса бахъизе

ОТКОЛО́ТЬСЯ[1] *сов.* 1) (*отломиться, отпасть от раскоповшегося*) тIун бачIине, тIаса бекун бачIине 2) *перен. (порвать связь*) бухьен тIезе; ~ **от това́рищей** гьудулзабаздаса ватIалъизе (бухьен тIезе)

ОТКОЛО́//ТЬСЯ[2] *сов. (о чём-л. приколотом*) чIвараллъуса борчIизе; **була́вка ~лась** кIичIвалеб рукIкIен чIвараллъуса борчIун буго

ОТКОМАНДИРОВА́ТЬ *сов. кого-что* цогидаб хъулухъалде (бакIалде) командировкаялъ витIизе

ОТКОМАНДИРО́ВЫВАТЬ *несов. см.* **откомандирова́ть**

ОТКОПА́ТЬ *сов. кого-что* 1) бухъун балагьизе, бухъун нахъе бахъизе; ~ **ко́рни** рухъун кьалбал рахъизе 2) *перен. разг. (разыскать)* балагьизе 3) кIочон тараб (дагьго лъалеб) кисаниги къватIибе бахъизе

ОТКО́РМ *м с.-х.* (*по гл.* **откорми́ть**) кьаралъизе хьихьи, хъвезе хьихьи; ~ **скота́** боцIи хъвезе хьихьи, мачIадалъе хьихьи

ОТКОРМИ́ ТЬ *сов. кого* хьихьун кьара гьабизе; ~ **гуся́** хьихьун хъаз кьара гьабизе

ОТКОРМИ́ ТЬСЯ *сов. разг.* хьихьун кьаралъизе

ОТКО́РМЛЕННЫЙ, -ая, -ое хьихьун кьаралъараб; гьанад хьараб

ОТКО́С *м (наклон)* лабаллъи; **берегово́й** ~ рагIаллъуда бугеб лабаллъи; **железнодоро́жный** ~ маххул нухлул хьалбазда бугеб лабаллъи ◊ **пусти́ть по́езд под** ~ поезд бегизабизе (*кьвагьун*), тIаса гъоркье биччазе

ОТКРЕПИ́ТЬ *сов.* 1) *что (отвязать, отделить*) бичизе, батIа гьабизе 2) *кого-что (снять с учета)* учеталдаса вахъизе

ОТКРЕПИ́ТЬСЯ *сов.* 1) (*отвязаться*) бичун бачIине, батIалъун ине 2) (*сняться с учета*) учеталдаса вахъизе (*живго*)

ОТКРЕПЛЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **открепи́ть**): 1) бичи, батIа гьаби 2) учеталдаса вахъи **2.** (*по гл.* **открепи́ться**): 1) бичун бачIин, батIалъун ин 2) учеталдаса вахъи (*живго*)

ОТКРЕПЛЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **открепи́ть(ся)**

ОТКРОВЕ́НИЕ *с* ракIалдаго гьечIого, хIакъикъат баянлъи; кашпу, вахIю; **его стихи́ бы́ ли для меня́ ~м** гьесул кучIдуз дие, ракIалдаго гьечIого, хIакъикъат баян гьабуна (дунял рагьана)

ОТКРОВЕ́ННИЧАТЬ *несов. разг.* ракIалда бугебщинаб бицине, цIакъго ракI рагьун, гаргадизе; ~ **с подру́гой** ракIалда бугебщинаб гьудулалда бицине (*балъголъи гьурцизе*)

ОТКРОВЕ́ННО *нареч.* ракI рагьун, битIун, загьирго; ~ **говоря́** битIун бицани

ОТКРОВЕ́ННОСТЬ *ж* 1) (*искренность*) ракI рагьи, ракI бацIцIалъи, ачихълъи, бахчараб жо гьечIолъи 2) (*явность*) якъинлъи, ракI рагьараб мукIурлъи

ОТКРОВЕ́НН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*чистосердечный, искренний*) ракI-ракIалъулаб, ракI рагьараб, бахчараб жо гьечIеб; **~ый челове́к** ракI рагьарав чи; **~ое призна́ние** ракI-ракIалъулаб му-кIурлъи 2) (*нескрываемый, явный*) бахчичIеб, якъинаб, рагьараб; **~ое бесстыдство** бахчи гьечIеб ничтIагIин; **в его глаза́х вспы́х-нуло ~ое презре́ние** гъосул бадиб кунчIана рагьараб рокьукълъи

ОТКРУТИ́ ТЬ *сов. что* нахъе кьуризе, кьурун нахъе бахъизе; ~ **кран** кран кьурун нахъе бахъизе; ~ **верёвку** квар нахъе бичизе (*сунданиги тIаде кьурараб, жемараб*)

ОТКРУТИ́ТЬСЯ *сов.* 1) нахъе кьурун бачIине, кьурун бахъун бачIине 2) *перен. разг. (отделаться)* гъорлъа ворчIизе, гьабичIого ворчIизе; ~ **от поруче́ния** тIадкъаялдаса ворчIизе

ОТКРУ́ ЧИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **откути́ть(ся)**

ОТКРЫВА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **откры́ть(ся)**

ОТКРЫ́ТИЕ *с* 1) (*по гл.* **откры́ть**) рагьи, ричIи; къватIиб лъазаби; бати 2) (*то, что установлено в результате изысканий и т.п.*) цIияб жо рагьи (*цIирагьи*), цIияб жо бати; **нау́чное** ~ гIелмияб цIияб жо бати (*рагьи*)

ОТКРЫ́ТКА *ж* открытка (*рагьараб кагъат хъвалеб почалъул хасаб карточка*)

ОТКРЫ́ТО *нареч.* рагьун, якъинго, лъалаго, хIинкъичIого, загьирго, тIатун, ачихъго; ~ **призна́ть свою́ вину́** жиндаго гIайиб букIиналъе рагьун мукIурлъизе; ~ **идти́ навстре́чу опа́сности** лъалаго хIинкъиялда данде ине; ~ **жить** щибниги бахчичIого, гIумру гьабизе (рагьун гIумру гьабизе)

ОТКРЫ́Т//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*доступный взору*) рагьараб, бихьулеб, цебе лъураб; **~ая ме́стность** цебе лъураб бакI 2) (*без навеса, покрытия*) тIад бачIеб 3) (*доступный для нападения*) цIуничIеб, тIаде кIанцIизе бигьияб; **~ые фла́нги** тIаде кIанцIизе бигьаял хьалбал (*аскаралъул*) 4) (*обнаженный*) рагьараб, цебе лъураб; **~ое пла́тье** рагьараб гурде 5) (*доступный для всех*) ра-гьа-

раб, киналго гIахьаллъизе бегьулеб; **~ое партиʼйное собра́ние** рагьараб партиялъулаб собрание 6) (*искренний*) ракI-ракIалъулаб; **~ый взгляʼд** ракI бацIцIадаб балагьи 7) *гор.* тIадго бугеб; **~ая разрабо́тка месторожде́ний** тIадго ругел магIданал рахъиялъул хIалтIи; **~ое мо́ре** киналго пачалихъаз пайда босулеб ралъад, киназего рагьараб ралъад; **~ая машиʼна** тIад бачIеб машина; **~ый слог** *лингв.* рагьараб слог (*кваранаб рахъалдехун рагьараб гьаракь бугеб слог)*; **под ~ым не́бом** зодикь, къватIиб; **де́йствовать в ~ую** вахча-хьвай гьечIого, хIалтIизе (иш гьабизе); **~ая ра́на** сахлъичIеб ругъун; **с ~ым се́рдцем** ракI-ракIалъго; **оста́вить вопро́с ~ым** суал тIубазабичIого тезе; **~ое письмо́** а) (*почтовая карточка*) открытка, конверталда жаниб лъечIого, битIараб кагъат б) (*публикуемое в прессе*) газеталда бахъараб *лъидениги хъвараб* кагъат

ОТКРЫ́ТЬ *сов. что* 1) (*поднять створку, крышку*) рагьизе, ричIизе; **~ чемода́н** чемодан рагьизе 2) (*обнажить*) рагьун цебе лъезабизе, бихьизабизе; **~ ше́ю** габур цебе лъезабизе 2) (*сообщить откровенно о чем-л.*) рагьизе, рагьун абизе; **~ пра́вду** хIакъикъат рагьун абизе 4) (*раскрыть*) рагьизе; **~ зо́нтик** чадир рагьизе 5) (*начать*) рагьизе; **~ заседа́ние** данделъи рагьизе 6) (*положить начало существованию*) рагьизе; **~ но́вую шко́лу** цIияб школа рагьизе 7) (*обнаружить*) тIатинабизе; **~ месторожде́ние зо́лота** месед бахъизе бегьулеб бакI тIатинабизе 8) (*сделать открытие*) рагьизе ◊ **~ глаза́** *кому-л. на что-л.* хIакъикъат бихьизабизе (*лъиданиги сундулниги*); **~ ду́шу** рекIелъ бугебщинаб бицине, ургъел бикьун, кIалъазе; **~ ого́нь** кьвагьдезе байбихьизе; **~ счёт в ба́нке** банкалда счет рагьизе; **~ счёт** *спорт.* тIоцебесеб очко босизе

ОТКРЫ́ //ТЬСЯ *сов.* 1) рагьун бачIине (*ине*), ричIун бачIине; **дверь ~лась** нуцIа рагьун бачIана; **замо́к ~лся** кIулал ричIун рачIана 2) (*перестать заживать*) бигьине; **ра́на ~лась** ругъун бигьана (рагьана) 3) *перен. (стать видным*) бихьизе; **~лось чиʼстое не́бо** роцIараб зоб бихьана 4) *перен. (стать понятным*) баянлъизе, загьирлъизе 5) (*выявиться – о тайном*) тIатине (*балъголъи*) 6) (*признаться в чем-л.*) мукIурлъизе; **он во всём ~лся дру́гу** гьудуласе гъов киналъего мукIурлъана

ОТКУ́ ДА *нареч.* 1) *вопр.* киса, кисан; **~ он прие́хал?** гъов киса вачIарав? **~ ты это узна́л?** кисан дуда гьеб лъараб? 2) *относ.* гьениса, гьенисан, гьелдаса, гьелдасан; **он вошёл в ко́мнату, ~ бо́льше и не выходиʼ л** гъов рокъове жаниве ана, гьениса тIокIав къватIивеги вачIинчIо; **~ сле́дует, что** гьелдасан бачIуна **…**, гьелъ бихьизабула ◊ **~ ни возьмиʼсь** *разг.* кисаналиго лъачIого, ракIалдаго гьечIого

ОТКУ́ДА-ЛИБО *нареч. см.* **отку́да-нибу́дь**

ОТКУ́ ДА-НИБУДЬ *нареч.* кисан бугониги, кисаниги

ОТКУ́ ДА-ТО *нареч.* кисаналиго, кисаялиго; **~ донесла́сь пе́сня** кисаналиго кочIол гьаракь чIвана

О́ТКУП *м ист.* 1) цо хасав чиясе гIадамаздаса гIарцухъ пачалихъиял налогал ракIаризе кьураб ихтияр 2) *сундухъниги* кьураб мухь (*эркен гьавиялъухъ, лъикIлъи гьабиялъухъ ва гь.ц.*)

ОТКУПА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **откупиʼ ть(ся)**

ОТКУПИ́ТЬ *сов.* 1) *что уст. (скупить)* кинабго цадахъ бичун босизе; **~ весь у́лов рыʼ бы** кинабго ккураб ччугIа бичун босизе 2) *ист. (освободить)* эркен гьавизе (*гIарацги кьун*); **~ крепостно́го крестьяʼнина** помещикасул ихтияралда вугев векьарухъан эркен гьавизе (гIарацги кьун)

ОТКУПИ́ ТЬСЯ *сов. от кого-чего уст.* 1) *ист. (на волю)* эркенлъизе (*гIарацги кьун*) 2) (*отделаться деньгами, взяткой*) гIарац (*ришват*) кьун, тIаса бихьизабизе

ОТКУПО́РИВАТЬ *несов. см.* **откупо́рить**

ОТКУПО́РИТЬ *сов. что (кIал*) рагьизе, кIал бахъизе; **~ бутыʼлку** шиша рагьизе

ОТКУСИ́ ТЬ *сов. что, чего* 1) тIаса хIанчIизе, хIанчIун батIа гьабизе; **~ кусо́чек са́хару** чакаралда тIаса кесек хIанчIизе 2) *тех. (щипцами)* къунцIизе (*гъецIалъ*); **~ коне́ц про́волоки** маххул кваралъул рагIал къунцIизе

ОТКУ́ СЫВАТЬ *несов. см.* **откуси́ ть**

ОТЛАГА́ТЕЛЬСТВ//О *с* нахътIамун тей; **эʼто де́ло не те́рпит ~а** гьеб хIалтIи нахътIамун тезе бегьуларо

ОТЛА́МЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **отломиʼ ть(ся)**

ОТЛЕЖА́ТЬ *сов. что* собозабизе; **~ себе́ но́гу** жиндирго хIетIе собозабизе

ОТЛЕЖА́ТЬСЯ *сов. разг.* 1) (*отдохнуть*) гIебеде чIван, свак чучизабизе; **~ по́сле да́льней пое́здки** рикIкIадаб сапаралдаса хадуб свак чучизабизе 2) (*о фруктах и т.п.*) гIемер мехалъ гIодоб лъун букIине, барщизегIан гIодобе бан тезе; **яʼблоки должны ʼ ~** гIеч барщизегIан гIодобе бан букIине ккола

ОТЛЕ́ЖИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **отлежа́ть(ся)**

ОТЛЕПИ́ТЬ *сов. что разг.* седаралъуса батIа гьабизе; **~ ма́рку от конве́рта** конверталда седаралъуса марка батIа гьабизе, бичIизабизе

ОТЛЕПИ́ ТЬСЯ *сов.* седаралъуса батIалъизе, бичIун бачIине

ОТЛЕПЛЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **отлепиʼ ть(ся)**

ОТЛЁТ *м* (*погл.* **отлете́ть**) нахъе боржун ин; **~ птиц** хIанчIи нахъе роржун ин; **~ самолёта** самолет нахъе боржун ин ◊ **жить на ~е** цодагьаб рикIкIада гIумру гьабизе; **дом стоиʼ т на ~е** рукъ росдадаса къватIибехун буго; **быть на ~е** кватIичIого нахъе ине хIадур вукIине

ОТЛЕТА́ТЬ *несов. см.* **отлете́ть**

ОТЛЕТЕ́//ТЬ *сов.* 1) (*улететь*) (*кигIаналиго манзилалъ*) боржун нахъе ине; **птиʼцы ~ли** хIанчIи роржун нахъе ана; **самолёт ~л** самолёт нахъе боржун ана 2) *разг. (оторваться)* тIун бортун ине; **пу́говица ~ла** маргъал тIун бортун ана 3) *разг. (отскочить)* нахъе кIанцIизе; **мяч ~л от стеныʼ** торгIо къададаса нахъе кIанцIана

ОТЛЕ́//ЧЬ *сов. безл.* гIодобе биччазе, гIодоцине, гIагь тIезе; **у меняʼ ~гло от се́рдца** дир ракI гIодобе биччана

ОТЛИ́ ВАТЬ *м* **1.** (*по гл.* **отлиʼ ть**) 1) тIаса нахъе тIей, цо бутIа нахъе тIей 2) нахъе буххи **2.** *мор.* чIинкIиллъи лъугьин, замазаманаялдасан ралъад рагIаллъабаздаса жанибегIан ин; **наʼчался** ~ ралъад чIинкIиллъизе байбихьана **3.** (*ослабление чего-л.*) гIодобе биччай, сасин **4.** (*оттенок*) гугьар; **шёлк с ~ом** гугьар бугеб чиллай, кьерагъунеб чиллай

ОТЛИВА́//ТЬ *несов.* 1) *см.* **отлиʼть** 2) *чем* гугьар рехизе; **морскáя водá ~ет зелёным** ралъдал лъадаца гIурччинаб гугьар рехулеб буго

ОТЛИ́ ВКА *ж* (*по гл.* **отлиʼть**) 1) тIаса нахъе тIей; нахъе буххи 2) *тех. (деталь)* биун тIей

ОТЛИ́ТЬ *сов. что* 1) тIаса нахъе тIезе; **~ молока́ в стака́н** цодагьаб рахь тIаса стаканалъубе тIезе 2) (*вычерпать*) буххун бахъинабизе; **~ во́ду из ло́дки** расаялъуса лъим буххун бахъинабизе 3) (*отхлынуть*) нахъе ине; ◊ **кровь отлила́ от лица́** гьурмадаса би нахъе ана, гьумер циндаго хъахIлъун ана 4) *тех. (изготовить литьем)* биун тIезе, биун тIун, гьабизе

ОТЛИ́ТЬСЯ *сов.:* ◊ **отолью́тся во́лку ове́чьи слёзки** чахъдал магIу бацIие хираго чIела (*цIуралъухъ цIун кьолеб жо буго гIорто; би бакъваларе, налъи холареб*)

ОТЛИЧА́//ТЬ *несов.* 1) *см.* **отличиʼ ть** 2) (*оказывать предпочтение*) цояб цоялдаса цебе кквезе 3) (*различать*) батIа гьабизе, батIа бахьизе; **я не ~ю их друг от дру́га** дица гьел цоцадаса ратIа рахъуларо 4) (*отмечать наградой*) шапакъат кьун, тIокI гьавизе

ОТЛИЧА́ТЬСЯ *несов.* 1) *см.* **отличиʼ ться** 2) *чем (выделяться)* батIалъи букIине; **~ друг от дру́га** цоцадаса батIалъи букIине; **~ сообрази́ тельностью** нахъгIунтIиялдалъун батIалъи букIине

ОТЛИ́ЧИ//Е *с* 1) (*различие*) батIалъи; **суще́ственное ~е** кIвар бугеб батIалъи 2) (*награда, орден*) шапакъат, тIокIлъи; **за боевыʼе ~я** рагъда рихьизарурал тIокIлъабазухъ; **предста́вить** *кого-л.* **к ~ю** шапакъаталъе вихьизавизе; **в ~е** *от чего-л. сундуениги* гIаксалда

ОТЛИЧИ́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое батIа бахъиялъул, *сундасаниги* батIа гьабулеб, батIа бахъиялъе бугеб; **~ые зна́ки** ратIа рахъиялъул ишараби; **~ая осо́бенность** батIа гьабулеб хаслъи; **~ый ого́нь** батIа бахъиялъе бугеб цIа; **~ый приʼзнак** батIа бахъиялъул гIаламат

ОТЛИЧИ́ ТЬ *сов. кого-что* 1) (*различить*) батIа бахъизе, батIа гьабизе; **~ пра́вду от лжи** битIарабги гьересиги батIа бахъизе 2) (*отметить наградой*) шапакъат кьун, тIокI гьавизе

ОТЛИЧИ́ТЬСЯ *сов.* тIокIлъи бихьизабизе; **~ в бою́** рагъда тIокIлъи бихьизабизе

ОТЛИ́ЧНИК *м* 1) (*учащийся*) отличник; **~и шко́лы** школалъул отличникал 2) (*на работе*) бищун лъикI хIалтIулев чи; **~и произво́дства** хIалтIул отличникал, бищун лъикI хIалтIулел

ОТЛИ́ЧНИЦА *ж* отличница

ОТЛИ́ЧНО 1. *нареч. (очень хорошо)* цIакъго лъикI; **~ знать своё де́ло** жиндирго иш цIакъго лъикI лъазе; **~ нести́ слу́жбу** цIакъго лъикI хъулухъ гьабизе **2.** *в знач. частицы (ладно) разг.* цIакъ лъикI; **~, мы его́ здесь подождём** цIакъ лъикI, нилъ гьесухъ балагъун гьанир чIела **3.** *в знач. сущ. нескл. с (отметка)* щуйилаб; **учи́ться на ~** щуйилазда цIализе

ОТЛИ́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*отличающийся*) цогиялдаса батIияб, цогидалда релъгьинчIеб 2) (*превосходный*) бищун лъикIаб, тIокIборчIараб; **проду́кция ~ого ка́чества** бищун лъикIаб качествоялъул къайи

ОТЛО́ГИЙ, -ая, -ое лабаллъи дагьаб, регел ккараб, гIодобе биччараб; **~ спуск** лабаллъи дагьаб эхеберегIел

ОТЛОЖЕ́НИЕ *с* 1) (*по гл.* **отложи́ть**) 1) хоно лъей, икра биччай 2) *мед.* чорхол цо бакIалда гIемерлъараб жо (*mIamIu, цIам*) 3) *геол.* гъат лъугьин; лъугьараб гъат

ОТЛОЖИ́ТЬ *сов.* 1) *что (в сторону)* батIаго лъезе, нахъе лъезе; **~ ну́жную кни́гу** къваригIараб тIехь батIаго лъезе 2) (*сохранить*) нахъе лъун тезе; **~ де́ньги на пое́здку** къватIиве ваxъиналъе гIарац нахъе лъун тезе 3) (*отсрочить*) нахътIамизе, нахъбахъизе; **~ собра́ние** собрание нахътIамизе 4) (*отвернуть*) нахъе чIвазабизе; **~ воротни́к** габур нахъе чIвазабизе 5) *биол.:* **~ я́йца** ханал лезе ◊ **~ де́ло в до́лгий я́щик** иш нахътIамун тезе, иш цIакъ кватIизабизе

ОТЛОЖНО́Й, -ая, -ое нахъе чIвазабулеб; **~ воротни́к** нахъе чIвазабулеб габур, бегараб габур

ОТЛОМА́ТЬ(СЯ) *сов. см.* **отломи́ть(ся)**

ОТЛОМИ́ ТЬ *сов. что* бекун рехизе, бекун батIа гьабизе; **~ ве́тку** гIаркьел бекун рехизе

ОТЛОМИ́ //ТЬСЯ *сов.* бекун бачIине, бекун батIалъизе; **ве́тка ~лась** гIаркьел бекун бачIана

ОТЛУЧА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **отлучи́ть(ся)**

ОТЛУЧЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **отлучи́ть**) батIа гьаби, нахъе гъей, гьоркьове виччангутIи

ОТЛУЧИ́ ТЬ *сов. кого-что от кого-чего* батIа гьабизе, нахъе гъезе, гьоркьове виччангутIизе

ОТЛУЧИ́ТЬСЯ *сов.* дагьаб мехалъ нахъе ине; **~ с уро́ка** дагьаб мехалъ дарсидаса нахъе ине; **~ из до́му** дагьаб мехалъ рокъоса ине

ОТЛУ́ ЧК//А *ж* заманалъ нахъе ин,къватIиве ун вукIин, кивениги ин; **быть в ~е** рокъов вукIунгутIизе (*росулъа къватIиве ун*)

ОТЛЫ́ НИВАТЬ *несов. от чего разг.* вахчаризе, хьвазе; **~ от рабо́ты** хIалтIудаса вахчаризе

ОТМА́ЛЧИВАТЬСЯ *несов. см.* **отмолча́ться**

ОТМАХА́//ТЬ[1] *сов. разг.* хехго халатаб нух тезе; **мы со́рок киломе́тров ~ли** нижеца хехго кIикъого километралъул нух тана

ОТМАХА́//ТЬ[2] *сов. что разг. (утомить маханьем)* хьвагIон сваказе; **~ть ру́ки** квералъ хьвагIун, сваказе; **он три часа́ ~л косо́й** лъабго сагIаталъ харицел хьвагIун, свакана гъов

ОТМА́ХИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **отмахну́ть(ся)**

ОТМАХНУ́ ТЬ *сов. что щибниги* хьвагIун, нахъе гъезе; **~ мух** *щибниги* хьвагIун, тIутIал нахъе гъезе

ОТМАХНУ́ ТЬСЯ *сов. от кого-чего* 1) (*отогнать от себя*) нахъе гъезелъун квер хьвагIизе; **~ от осы́** нахъе гъезелъун кьужналде квер хьвагIизе, хьвагIун кьужна бачахъизе 2) *перен. разг.* гIадахъ босунгутIизе, бигьаго нахъчIвазе; **~ от фа́ктов** хIужаби гIадахъ росунгутIизе; **~ от рабо́ты** бигьаго хIалтIи нахъчIвазе

ОТМЕЖЕВА́ТЬ *сов. что (отделить)* гIурхъи чIвазе, батIа тIезабизе; **~ уча́сток** участокалда гIурхъи чIвазе

ОТМЕЖЕВА́ТЬСЯ *сов. от кого-чего* 1) (*отделиться межой*) гIурхъи чIван, батIалъизе 2) *перен. (отделиться)* ватIа-лъизе; **~ от второстепе́нных пробле́м** кIвар гьечIел суалаздаса ватIалъизе 3) *перен. (прекратить общение*) бухьен къотIизабизе; разилъи гьечIолъи загьир гьабизе

ОТМЕЖЁВЫВАТЬ(СЯ) *несов.см.* **отмежева́ть(ся)**

О́ТМЕЛЬ *ж* гъварилъи гьечIеб бакI, рагIалдаго бакI, тIадгояб бакI, тIалхияб бакI

ОТМЕ́НА *ж* (*по гл.* **отмени́ть**) хвезаби, хисизаби, нахъе бахъи; **~ спекта́кля** спектакль нахъе бахъи; **~ реше́ния** хIукму хвезаби (хисизаби)

ОТМЕНИ́ ТЬ *сов. что* хвезабизе, хисизабизе, нахъе бахъизе; **~ прика́з** буюрухъ хвезабизе; **~ представле́ние** цере рахъин нахъе бахъизе; **~ свою́ пое́здку** жиндирго сапар нахътIамизе

ОТМЕ́НН//ЫЙ, -ая, -ое (*исключительный, необыкновенный*) цIакъ лъикIаб, гIадатияб гуреб, хIаталдаса араб; **~ый обе́д** цIакъ лъикIаб къадеквен; **~ое вино́** цIакъ лъикIаб чагъир; **~ая рабо́та** ярагьунеб хIалтIи

ОТМЕНЯ́ ТЬ *несов. см.* **отмени́ ть**

ОТМЕРЕ́ТЬ *сов.* 1) (*утратить жизнеспособность*) хвезе, бакъвазе; **на дере́вьях су́чья о́тмерли** гъутIбузда гIаркьалаби ракъвана 2) *перен. (исчезнуть)* тIагIине; **ста́рые обы́чаи о́тмерли** басриял гIадатал тIагIана, лъугIана

ОТМЕ́РЗ//НУТЬ *сов.* гIунизе, цIорозе; **у меня́ ру́ки ~ли** дир кверал гIунана; **молоды́е побе́ги я́блони ~ли** гIечугъотIол цIи-кIанцIарал чIорал цIорона (цIорон хвана)

ОТМЕ́РИВАТЬ *несов. см.* **отме́рить**

ОТМЕ́РИТЬ *сов. что* борцине; **~ пять ме́тров полотна́** хIебтил щуго метр борцине (борцун щуго метр къотIизе)

ОТМЕРЯ́ ТЬ *несов. см.* **отме́рить**

ОТМЕСТИ́ *сов. что* 1) нахъе лъухьизе; **~ сор в у́гол** хIуркIуч бокIниде лъухьизе 2) *перен. (отбросить)* нахъчIвазе, нахъе рехизе; **~ э́ ти пусты́е фра́зы** гьал чIорогоял жугьаби нахъе рехизе

ОТМЕ́СТК//А *ж разг.* рецIел, къисас; **в ~у** рецIалие, рецIел босизелъун

ОТМЕТА́ТЬ *несов. см.* **отмести́**

ОТМЕ́ТИТЬ *сов.* 1) *кого-что (пометить)* ишара гьабизе, гIуж базе; **~ ну́жное ме́сто в кни́ге** тIехьалъул къваригIараб бакIалда ишара гьабизе 2) *кого-что (записать)* хъвазе, ишара лъезе, гьабизе; **~ отсу́тствующих в спи́ске** сияхIалда гьечIезул цIарал хъвазе, цере гьечIезул цIаразда аскIоб ишара гьабизе 3) *что (подчеркнуть)* рехсезе, бихьизабизе; **~ досто́инства статьи́** макъалалъул лъикIал рахъал рехсезе; **~ недоста́тки в рабо́те** хIалтIулъ ругел гIунгутIаби рехсезе; **~ чьи-л. достиже́ния** *лъиениги* щварал бергьенлъаби рихьизаризе 4) *что (устроить торжество)* чуризе, кIодо гьабизе; **~ побе́ду** бергьенлъи чуризе 5) **сле́дует ~, что …** абизе ккола…

ОТМЕ́ТИТЬСЯ *сов.* жиндирго цIаралда нахъа ишара лъезе; **~ в спи́сках избира́телей** жидеца рищулезул сияхIалда жиндирго цIаралда нахъа ишара лъезе

ОТМЕ́ТК//А *ж* **1.** (*по гл.* **отме́тить**) ишара гьаби, гIуж бай **2.** (*знак, отметка*) ишара, гIуж; **сде́лать ~у** ишара лъезе, гIуж базе **3.** (*оценка*) къимат; **получи́ ть хоро́шую ~у** лъикIаб къимат щвезе

ОТМЕЧА́ТЬ *несов. см.* **отме́тить**

ОТМЕЧА́//ТЬСЯ *несов.* 1) *см.* **отме́титься** 2) (*обнаруживаться*) ратизе, загьирлъизе; **~ются кру́пные успе́хи в рабо́те** хIалтIулъ чIахIиял бергьенлъаби загьирлъулел руго

ОТМИРА́НИЕ *с* хвей, тIагIин, бакъвай

ОТМИРА́ТЬ *несов. см.* **отмере́ть**

ОТМОКА́ТЬ *несов. см.* **отмо́кнуть**

ОТМО́КНУТЬ *сов.* 1) (*отсыреть*) хIеккине, рагьазе 2) (*намокнув, отстать*) рагьан бичIун бачIине

ОТМОЛЧА́ТЬСЯ *сов. разг.* (*промолчать*) вуцIцIун чIезе, (*уклониться от ответа*) данде кIалъачIого чIезе

ОТМОРА́ЖИВАТЬ *несов. см.* **отморо́зить**

ОТМОРО́ЗИТЬ *сов. что* цIорозабизе, бугьинабизе; **~ па́льцы** килщал цIорозаризе (*лъачIого*)

ОТМОЧИ́ТЬ *сов. что* 1) (*намочив, удалить*) биччизабун батIа гьабизе 2) (*размочить*) биччизабизе, хIеккинабизе, хIеккине лъезе; **~ ры́бу** ччугIа хIеккине лъезе 3) *перен. разг. (сказать глупость)* гIантаб жо абизе, ракIалдаго букIинчIеб жо гьабизе

ОТМУ́ЧИТЬСЯ *сов. разг.* гIазаб тIаса ине

ОТМЩЕ́НИЕ *с* рецIел боси, къисас боси

ОТМЫВА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **отмы́ ть(ся)**

ОТМЫКА́ТЬ *несов. см.* **отомкну́ть**

ОТМЫ́ ТЬ *сов. кого-что* чурун тIаса инабизе, чурун бацIцIад гьабизе; **~ грязь** чурун хъублъи тIаса инабизе, чурун хъублъиялдаса бацIцIад гьабизе

ОТМЫ́ ТЬСЯ *сов.* чурун бацIалъизе, чурун ине

ОТНЕ́КИВА//ТЬСЯ *несов. разг. (отказываться)* разилъичIого вукIине, данде чIун вукIине; **не ~йся!** разилъе!

ОТНЕС//ТИ́ *сов. кого-что* 1) щвезабизе; **~ти кни́гу в библиоте́ку** библиотекаялде тIехь щвезабизе 2) (*переместить*) босун ине, бачун ине; **ве́тром ~ло́ ло́дку от бе́рега** гьороца раса рагIалдаса бачун ана 3) (*причислить*) рикIкIине; **~ти́ ру́копись к XII ве́ку** тIехь XII гIасруялъ хъвараб бугилан рикIкIине 4) (*приписать*) рикIкIине; **э́ ту оши́бку сле́дует ~ти́ к его́ уста́лости** гьаб гъалатI гьесул свакаялъ ккараб бугилан рикIкIине ккола

ОТНЕСТИ́СЬ *сов. (проявить какое-л. отношение к кому-чему-л.)* балагьизе, бербалагьи гьабизе; **он отнёсся к нему́ как ра́вный** живго гьесда ващадав гIадин валагьана гьев гъосухъ; **~ благожела́тельно** лъикIлъи бокьун, валагьизе (*лъиениги лъикIлъи бокьизе*), лъикIаб бербалагьи гьабизе

ОТНИМА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **отня́ ть(ся)**

ОТНОСИ́ТЕЛЬНО 1) *нареч.* цогидалда данде ккун; **о́пыт прошёл ~ уда́чно** хIалбихьи, цогидалда данде ккун, лъикI ана 2) *предлог с род. п. (что касается)* рахъалъан, хIакъалъулъ; **~ его́ возвраще́ния све́дений не́т** гьев нахъвуссиналъул хIакъалъулъ баянал гьечIо

ОТНОСИ́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое 1) сунданиги бараб, эркенаб гуреб; **~ая и́ стина** *филос.* сунданиги бараб хIакъикъат 2) (*умеренный*) рекъараб, кIудияб гуреб; **~ая глубина́** рекъараб гъварилъи; **~ые местоиме́ния** гьоркьоблъиялъулал (да́ндекквеялъулал) цIарубакIал

ОТНОСИ́ ТЬ *несов.см.* **отнести́**

ОТНОСИ́ТЬСЯ *несов.* 1) *к кому-чему (входить в состав, принадлежать*) гьоркьобе ине, букIине; **~ к вы́ сшей катего́рии** бищун тIадегIанаб тайпаялда гьоркьобе ине; **~ к пе́рвому кла́ссу** тIоцебесеб классалъулаблъун букIине 2) *к чему мат.* бухьараб букIине; **три отно́сится к четырём как шесть к восьми́** лъабго ункъоялда бухьараб буго анлъго микьгоялда гIадин 3) (*касаться кого-л.)* ишлъун букIине, хурхараблъун букIине; **это к вам отно́сится** гьеб дуде кколеб иш буго; **э́ то ко мне не отно́сится** гьеб дир иш гуро 4) (*иметь отношение к кому-л., чему-л.)* хурхараб букIине, бербалагьи букIине; **э́то к де́лу не отно́сится** гьелъул ишалдехун хурхен гьечIо; *~ к кому-л.* **с дове́рием** *лъидехунниги* божилъиялъулаб бербалагьи букIине (*божилъи букIине*)

ОТНОШЕ́НИ//Е *с* 1) балагьи, бербалагьи, гьоркьоблъи; **хоро́шее ~е к труду́** хIалтIудехун лъикIаб балагьи; **прекра́сное ~е к де́тям** лъималаздехун цIакъ лъикIаб балагьи; **бе́режное ~е к ма́тери** эбелалдехун цIуна-къараб балагьи; **добросо́вестное ~е к де́лу** хIалтIудехун намус-яхIалъулаб, ракI бацIцIадаб бербалагьи 2) *мн.* **~я** гьоркьорлъаби, бухьенал; **дру́жеские ~я** гьудуллъиялъулал гьоркьорлъаби; **обще́ственные ~я** жамгIиял гьоркьорлъаби; **деловы́ е ~я** ишалъулал бухьенал; **семе́йные ~я** хъизаналда жанир ругел гьоркьорлъаби 3) (*связь, касательство*) гьоркьоблъи, бухьен; **име́ть ~е** *к чему-л. сундехунниги* гьоркьоблъи букIине; **это не име́ет никако́го ~я к де́лу** гьелъул ишалдехун кинабгIаги гьоркьоблъи гьечIо 4) (*документ, бумага*) *цо идараялъ цойгиялъухъе битIараб* кагъат, документ, отношение 5) *мат.* бикьун щвараб (*гьоркьосеб*), геометриялъулаб гьоркьосеб ◊ **в ~и** *кого-чего-л. лъиданиги-сунданиги* хурхун; **по ~ю** *к кому-чему-л.* лъидехунниги, сундехунниги; **во всех ~ях** кинабго рахъалъан

ОТНЫ́ НЕ *нареч. уст.* жакъа къоялдаса нахъе, гьанжеялдаса нахъе; **~ и до ве́ка** (*навеки, навсегда*) абадиялъего, даимго

ОТНЮ́ ДЬ *нареч.* валлагь, кигIан дагьабниги; **~ не так** валлагь, гьедин гуро

ОТНЯ́//ТЬ *сов.* 1) *кого-что (взять силой*) бахъизе, нахъе бахъизе; **~ть кни́гу** тIехь нахъе бахъизе 2) *что (поглотить)* бахъизе, кквезе; **рабо́та ~ла́ мно́го вре́мени** хIалтIуца гIемераб заман бахъана 3) *что разг. (ампутировать)* нахъе къотIизе; **~ть но́гу** хIетIе нахъе къотIизе 4) *что (убрать)* нахъе чIвазабизе, нахъе босизе; **~ть ле́стницу от стены́** къададаса мали нахъе чIвазабизе; **~ть ру́ки от лица́** гьурмадаса кверал нахъе росизе 5) *что мат. (вычесть)* бахъизе; **от двадцати́ ~ть де́сять** къогоялдаса анцIго бахъизе; **~ть ребёнка от груди́** карандаса лъимер тIезабизе; **у него́ нельзя́ ~ть сообрази́ тельности** гъов нахъгIунтIарав чи вукIиналда разилъизе ккола

ОТНЯ́//ТЬСЯ *сов.* собозе, кквезе, къотIизе; **у него́ рука́ ~ла́сь** гъосул квер собона; **от смуще́ния у меня́ язы́ к ~лся** нечеялъ дир кIал-мацI ккуна

ОТО *предлог см.* **от**

ОТО- *приставка* (*см. от ...*) **“от”** – алъул бакIалда хIалтIизабула: 1) **“й”** – ялда цебе, *мас.*: **отойти́** 2) кIиго яги цIикIкIун рагьукъаб гьаракьалда цебе, *мас.:* **отобра́ть, оторва́ть** 3) жинда хадуб «**ь**» бугеб рагьукъаб гьаркьида цебе, *мас.*: **отобью́ , отолью́ , отопью́**

ОТОБРАЖА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **отобрази́ ть(ся)**

ОТОБРАЖЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **отобрази́ ть**) сипат гьабун, бихьизаби **2.** (*по гл.* **отобрази́ ться**) сипат гьабун, бихьи **3.** (*образ*) сурат, сипат

ОТОБРАЗИ́ ТЬ *сов. кого-что* сипат гьабун, бихьизабизе

ОТОБРАЗИ́ ТЬСЯ *сов.* сипат гьабун, бихьизе

ОТОБРА́ТЬ *сов. кого-что* 1) (*взять обратно*) нахъе босизе; **~ кни́ гу** тIехь нахъе босизе 2) (*выбрать*) гьоркьоса бищизе, тIаса бищун босизе; **~ ну́жные ве́щи в доро́гу** нухда къваригIунеб къайи-къоно тIаса бищун босизе

ОТОБЬЮ́ (СЬ), отобьёшь(ся) *и т.д. буд. от* **отби́ ть(ся)**

ОТОВА́РИВАТЬ *несов. см.* **отова́рить**

ОТОВА́РИТЬ *сов. что* къайи кьезе (*гьабураб къотIиялда рекъон*)

ОТОВСЮ́ ДУ *нареч.* кисанго, батIи-батIиял бакIаздасан

ОТОГНА́ТЬ *сов.* 1) *кого-что* бачахъизе, нахъе хъамизе; **~ мух** тIутIал рачахъизе 2) *что (добыть перегонкой*) *сундулниги* бахъизе; **~ скипида́р** скипидар бахъизе 3) *что перен.* нахъе инаризе; **~ гру́стные мы́ сли** пашманал пикраби нахъе инаризе (гъезе)

ОТОГНУ́ ТЬ *сов. что* 1) (*распрямить*) (гьетIизабураб) битIизабизе, нахъе чIвазабизе; **~ у́гол страни́цы** гьумералъул бокIон битIизабизе 2) (*завернуть края чего-л.*) нахъе чIвазабизе; **~ рукава́** къвалал нахъе чIвазаризе

ОТОГНУ́ ТЬСЯ *сов.* 1) (*распрямиться*) (гьетIизабураб) битIизе 2) (*согнуться*) гьетIизе (*гIебеде, эхеде ва гь.ц*.)

ОТОГРЕВА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **отогре́ть(ся)**

ОТОГРЕ́ТЬ *сов. кого-что* хинлъизабизе; **~ озя́бшие ру́ки** гIунарал кверал хинлъизаризе ◊ **~ змею́ на свое́й груди́** каранда борохь хьихьизе

ОТОГРЕ́ТЬСЯ *сов.* хинлъизе

ОТОДВИГА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **отодви́ нуть(ся)**

ОТОДВИ́ НУТЬ *сов.* 1) *кого-что* добегIан къазабизе; **~ стол** стол добегIан къазабизе 2) *что перен. разг. (отсрочи́ ть)* нахътIамизе; **~ экза́мен** экзамен нахътIамизе

ОТОДВИ́ НУ//ТЬСЯ *сов.* 1) цояб рахъалдехун къазе; **~ться к стене́** къададехун къазе 2) *перен. разг. (отсрочить)* нахътIамун хутIизе; **срок пое́здки ~лся** иналъул (сапаралъул) болжал нахътIамун хутIана

ОТОДРА́ТЬ *сов.* 1) *что* (**оторва́ть**) нахъе бахъизе, нахъе тIезе; **~ обо́и от стены́** къадада ккураб кагъат нахъе бахъизе 2) *кого разг. (высечь)* лъикI вухизе, вакине, гIундул кьуризе; *~ кого-л.* **за́ волосы** *щивниги* расги ккун, вухизе; *~ кого-л.* **за́ уши** *лъилниги* гIундул кьуризе

ОТОЖДЕСТВЛЯ́ ТЬ *сов. см.* **отожестви́ ть**

ОТОЖДЕСТВЛЕ́НИЕ *с см.* **отожествле́ние**

ОТОЖДЕСТВЛЯ́ ТЬ *несов. см.* **отожестви́ ть**

ОТОЖЕСТВИ́ТЬ *кого-что* цоцада релъгъараблъун (*бащадаблъун*) рикIкIине; **~ два поня́тия** кIиго бичIчIи цоцада релъгъа-раблъун рикIкIине

ОТОЖЕСТВЛЕ́НИЕ *с* цоцада релъгъараблъун рикIкIин

ОТОЖЕСТВЛЯ́ ТЬ *несов. см.* **отожестви́ ть**

ОТОЖМУ́ (СЬ), отожмёшь(ся) *и т.д. буд. от* **отжа́ть(ся)**

ОТОЗВА́ТЬ *сов.кого-что* 1) ахIун вачине, ахIизе; **~ в сто́рону для разгово́ра** хабараглъе цо рахъалдехун ахIизе 2) нахъе ахIизе, нахъе вачине; **~ посла́** посол нахъе ахIизе

ОТОЗВ//А́ТЬСЯ *сов.* 1) (*откликнуться*) данде жаваб гьабизе; **~а́ться на зов** ахIиялда данде жаваб гьабизе; **никто́ не ~а́лся** лъицаниги данде жаваб гьабичIо 2) *на что (поддержать)* куме-

калъе вачIине, рахъ кквезе 3) *о ком-чем (высказать мнение)* пикру загьир гьабизе 4) *на ком-чем (сказаться)* асар гьабизе; **куре́ние ~ало́сь на здоро́вье** хъалиян цIаялъ сахлъиялъе асар гьабуна

ОТОЙТИ́ *сов.* 1) (*удалиться*) нахъе ине, довегIан ине; **~ от двери́** нуцIихъа нахъе ине; **~ к окну́** гордухъе ине 2) (*отправиться*) къватIибе бахъине; **по́езд отошёл в час дня** поезд къватIибе бахъана къад сагIат цоялда 3) *воен. (отступить)* нахъе къазе 4) (*отклониться*) рехун тезе; **~ от пре́жних взгля́дов** цере рукIарал пикраби рехун тезе 5) (*отказаться)* инкар гьабизе, нахъе ине; **~ от дел** хIалтIудаса нахъе ине 6) (*отстать от чего-л.*) батIалъизе; **обо́и отошли́ от стены́** къадада ккураб кагъат батIалъун буго 7) (*исчезнуть, сойти*) тIагIине, нахъе ине; **пятно́ отошло́** ланг нахъе ун буго 8) (*ожить, восстановить чувствительность*) рукIалиде бачIине, чIаголъизе, рекIеде вачIине; **ру́ки отошли́ от хо́лода** квачан рукIарал кверал чIаголъана 9) (*перейти во владение*) бе-тIергьанлъиялде ине; **дом отошёл колхо́зу** мина колхозалъул бетIергьанлъиялде ана ◊ **от се́рдца отошло́** ракI гIодобе биччана; **~ в ве́чность** хвезе; **э́тот обы́чай отошёл в про́шлое** гьеб гIадат хвана, лъугIана

ОТОЛЬЮ́, отольёшь *и т.д. буд. от* **отли́ть**

ОТОМКНУ́ТЬ *сов. что* 1) *разг. (отпереть)* ричIизе, рагьизе; **~ сунду́к** гьамас ричIизе 2) (*отделить, снять*) нахъе бахъизе, батIа гьабизе; **~ штык от винто́вки** тункIидаса хеч батIа гьабизе

ОТОМСТИ́ТЬ *сов. кому-чему* рецIел босизе, къисас босизе; **~ за оскорбле́ние** хIакъир гьавуралъухъ рецIел босизе

ОТОПИ́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое хинлъи кьеялъул(аб); **~ые прибо́ры** хинлъи кьолел приборал; **~ый езо́н** печал ракулеб заман

ОТОПИ́ТЬ *сов. что* цIа бакун, хинлъизабизе

ОТОПЛЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **отопи́ть**) цIа бакун хинлъизаби **2.** (*система*) хинлъизабулеб къагIида; **паровы́е** ~ хIухьлаца хинлъизабулеб къагIида **3.** хинлъизабулеб гIуцIи (устройство)

ОТОПЛЯ́ТЬ *несов. см.* **отопи́ть**

ОТОПРУ́, отопрёшь *и т.д.* **от отпере́ть**

ОТОПЬЮ́, отопьёшь *и т.д.* **от отпи́ть**

ОТВОРА́ЧИВАТЬ *несов. см.* **оторо́чить**

ОТО́РВАННОСТЬ *ж* тIей, бухьен гьечIолъи; **~ от люде́й** гIадамаздаса тIей; **~ о́строва от матери́ка** чIинкIиллъиялъул ракьалдаса тIей (рикIкIад букIкIин)

ОТОРВА́//ТЬ *сов.* 1) *кого-что (отделить рывком*) тIезе, тIезабизе; **~ть пу́говицу** маргъал тIезе; **~ть листо́к из блокно́та** блокноталдаса тIамач тIезе; **ему оско́лком снаря́да ~ло кисть руки́** гIарададул гуллил кесекалъ гъосул квер тIезабуна 2) *кого-что от чего (отвлечь)* нахъе босизе, тIезабизе; **~ть глаза́ от кни́ги** тIехьалдаса берал нахъе росизе; **~ть** *кого-л.* **от рабо́ты** *щивниги* хIалтIудаса тIезавизе 3) *кого-что (разлучить)* ватIа гьавизе, тIезавизе; **война́ ~ла его́ от семьи́** рагъуца гьев хъизаналдаса тIезавуна ◊ **~ть от себя́** жиндиего хIажаталдаса махIрум гьавизе; **с рука́ми ~ть** кодоса бахъизе, хъантIун босизе

ОТОРВА́//ТЬСЯ *сов.* 1) *от кого-чего (отлететь*) тIун ине, тIезе; **пу́говица ~ла́сь** маргъал тIун ана 2) *от чего* батIалъизе; **самолёт ~лся от земли́** самолёт ракьалдаса батIалъана 3) *перен. (отвлечься)* пикру батIияб рахъалде буссине; **~ться от кни́ги** тIехьалдаса пикру батIияб рахъалде буссине 4) *перен. (утратить связь)* бухьен къотIизе, рикIкIалъизе; **~ться от наро́да** халкъалдаса рикIкIалъизе

ОТОРОПЕ́ТЬ *сов. разг.* виххизе, виххун хутIизе; **~ от неожи́данности** тохкьукьего ккараб жоялъ виххун хутIизе, виххизе

ОТОРОЧИ́ТЬ *сов.* рагIалдасан чIоло кквезе; **~ рукава́ ме́хом** къвалазул тIогьиб къохьол чIоло кквезе

ОТОРО́ЧКА *ж* рагIалдасан ккураб чIоло; **ба́рхатная ~** рагIалдасан ккураб къатIипадул чIоло

ОТОСЛА́ТЬ *сов.* 1) *кого-что (отправить)* битIизе; **кни́гу ~ по́чтой** тIехь почалда битIизе 2) *кого (заставить уйти)* витIизе, инавизе; **~ дете́й домо́й** лъимал рокъоре ритIизе 3) *кого к чему* ралагьеян абизе, ралагьеян хъвазе; **~ чита́теля к друго́му разде́лу кни́ги** цIалдолесда тIехьалъул цойгияб бутIаялде валагьеян абизе, тIехьалда жаниб цIалдолев цойги бутIаялде валагьеян хъвазе

ОТОСПА́ТЬСЯ *сов.* гIорцIизегIан кьижун, свак чучизе (*макъид гIорцIизе*); **~ по́сле доро́ги** сапаралдаса хадув кьижун, свак чучизе

ОТОЩА́ТЬ *сов. разг.* кутакалда тIеренлъизе, кутакалда хIалакълъизе

ОТПАДА́ТЬ *несов. см.* **отпа́сть**

ОТПА́ИВАТЬСЯ *несов. см.* **отпа́яться**

ОТПА́РИВАТЬ *несов. см.* **отпа́рить**

ОТПАРИ́РОВАТЬ *сов. что* 1) (*удар*) нахъчIвазе, кьабулеб жо щвезе биччангутIизе 2) *перен. (нападки)* абу-абураб данде къотIизе

ОТПА́РИТЬ *сов. что* 1) (*отутюжить*) биччараб чIортоги лъун, иту бахъизе (*чIвазе*) 2) (*размягчить паром*) хIухьлаца тамах гьабизе

ОТПА́РЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **отпоро́ть(ся)**

ОТПА́//СТЬ *сов.* 1) (*отвалиться*) тIун бортизе; **штукату́рка ~ла** чIвараб хIарщ тIун бортун ана 2) (*утратить связь*) бухьен къотIизе 3) (*утратить смысл*) магIна гьечIеблъун лъугьине, кьучI тIагIине; **обвине́ние ~ло** гIунтIизабураб гIайиб магIна гьечIеблъун лъугьана; **у нас ~ла необходи́мость говори́ть с ним** гьесда кIалъазе нижер букIараб хIажалъи кьучI гьечIеблъун лъугьана

ОТПАЯ́ТЬ *сов. что гъалаялъ регъараб* багIаризабун батIа гьабизе

ОТПАЯ́ //ТЬСЯ *сов.* багIарарабго батIалъун бачIине (*гъалаялъ регъараб жо*); **ру́чка ча́йника ~лась** чайникалъул гIоркь регъаралъуса батIалъана

ОТПЕВА́ТЬ *несов. см.* **отпе́ть 2**

ОТПЕРЕ́ТЬ *сов. что* ричIизе; **~ замо́к** кIулал ричIизе

ОТПЕР//Е́ТЬСЯ *сов.* 1) ричIун бачIине, рагьун бачIине; **дверь легко́ ~ла́сь** нуцIа бигьаго ричIун бачIана 2) *разг. (отказаться)* инкар гьабизе, нагIадала кквезе; **~е́ться от свои́х слов** цебе жинцаго бицаралдаса инкар гьабизе

ОТПЕ́ТЫЙ, -ая, -ое *разг.* иш лъугIарав, витIи гьечIев, хьул къотIарав; **он ~ челове́к** гъов иш лъугIарав чи вуго

ОТПЕ́//ТЬ *сов.* 1) *что (кончить петь)* ахIун бахъине; **петухи́ уже ~ли** хIелкал гIегIедун рахъана 2) *кого-что церк.* хварасдасан дугIа цIализе (*христиан (насраниязул) диналда*)

ОТПЕЧА́ТАТЬ *сов. что* 1) *полигр.* кьабун бахъинабизе; **~ весь тира́ж кни́ги** тIехьалъул тIолабго тираж кьабун бахъинабизе 2) (*оставить след, отпечаток*) лъалкI тезе 3) (*открыть запечатанное*) печать бахъизе (*рагьизе*); **~ помеще́ние** рукъалда чIвараб печать бахъизе, рукъ рагьизе 5) (*на машинке*) кьабун бахъинабизе (*машинкаялда*)

ОТПЕЧА́ТА//ТЬСЯ *сов.* лъалкI хутIизе; **на песке́ ~лись** *чьи-то* **следы́** салуда *лъилалиго* лъалкIал хутIун руго

ОТПЕЧА́Т//ОК *м* 1) лъалкI, сурат; **~ки па́льцев** килщазул суратал (*лъалкIал*) 2) *перен.* асар; **наложи́ть** *на что-л.* **~ок гру́сти** *сундуениги* пашманлъиялъ асар гьабизе, лъалкI тезе

ОТПЕЧА́ТЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **отпеча́тать(ся)**

ОТПИВА́ТЬ *несов. см.* **отпи́ть**

ОТПИ́ЛИВАТЬ *несов. см.* **отпили́ть**

ОТПИЛИ́ТЬ *сов. что (*нахъе) хъухъазе; **~ коне́ц бревна́** рахиялъул кIал хъухъазе

ОТПИРА́ТЕЛЬСТВО *с* инкар кквей, инкар гьаби

ОТПИРА́ТЬ *несов. см.* **отпере́ть**

ОТПИРА́ТЬСЯ *несов. см.* **отпере́ться**

ОТПИСА́ТЬСЯ *сов. разг.* тIаса-масаго жавабги хъван, тIаса бихьизабизе

ОТПИ́СКА *ж* тIаса-масаго хъван кьураб жаваб; **отде́лываться пусты́ми ~ми** магIна гьечIел жавабалги хъван, тIаса бихьизабизе

ОТПИ́СЫВАТЬСЯ *несов. см.* **отписа́ться**

ОТПИ́ТЬ *сов.* дагьа-макъаб кьадар тIаса гьекъезе; **~ глото́к ча́ю** дагьаб (*цо кьулчIараб, цо кIалдибе босараб*) чай тIаса гьекъезе

ОТПИ́ХИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **отпихну́ть(ся)**

ОТПИХНУ́ТЬ *сов. кого-что* нахъе тункизе; **~ ло́дку от бе́рега** рагIалдаса раса (жанибе) тункизе

ОТПИХНУ́ ТЬСЯ *сов.* нахъе тункизе (*живго*); **~ весло́м от бе́рега** рахханалъ (живго) рагIалдаса нахъе тункизе (*росода вукIаго*)

ОТПЛА́ТА *ж* бецIи, жиндие гьабуралъухъ лъикIлъи яги квешлъи гьаби

ОТПЛАТИ́ТЬ *сов. кому чем* бецIизе, гьабуралда данде жо гьабизе; **~ неблагода́рностью за добро́** лъикIлъиялда данде квешлъи гьабизе

ОТПЛА́ЧИВАТЬ *несов. см.* **отплати́ ть**

ОТПЛЁВЫВАТЬСЯ *несов.* 1) *разг.* кIалдибе ккараб жо инегIан тударулев вукIине 2) *перен. сундасаниги* рази гьечIого (хIал къан), тударизе

ОТПЛЫВА́ТЬ *несов. см.* **отплы́ ть**

ОТПЛЫ́ ТИ//Е *с* сапаралде бахъин (*гама*); **парохо́д гото́в к ~ю** гама сапаралде бахъине хIадур буго

ОТПЛЫ́ ТЬ *сов.* 1) рагIалдаса нахъе ине (*лъедон*) 2) (*отправиться в плавание – о судах*) къватIибе бахъине, сапаралде бахъине

ОТПЛЯ́СЫВА//ТЬ *несов. разг.* гьираялда кьурдизе; **ли́хо ~ть** цIакъго лебалго, тириго кьурдизе; **смотри́ , как ~ет!** балагье, кьурдулев вугеб куц!

О́ТПОВЕДЬ *ж сунданиги* данде чIун (рази гьечIолъи загьир гьабун, *лъилниги* хьвада-чIвади, ишал квешаллъун рихьизарун) кьураб жаваб

ОТПОЛЗА́ТЬ *несов. см.* **отползти́**

ОТПОЛЗТИ́ *сов.* нахъе хъурщизе, хъурщун добегIан ине; **~ с доро́ги** нухдаса нахъе хъурщизе

ОТПО́Р *м* нахъчIвай, нахъекьаби; **дать ~ врагу́** тушман нахъе кьабизе

ОТПОРО́ТЬ *сов. что* чIалхун батIа гьабизе; **~ воротни́ к** габур чIалхун батIа гьабизе

ОТПОРО́//ТЬСЯ *сов.* чIалхун батIалъизе; **карма́н ~лся** чванта чIалхун батIалъун бачIана

ОТПРАВИ́ ТЕЛЬ *м* битIулев чи (*жинца*); **~ гру́за** къайи битIулев чи

ОТПРАВИ́ ТЕЛЬНИЦА *ж* (*жинца*) битIулей чIужу

ОТПРА́ВИТЬ *сов.* 1) *кого-что (отослать)* битIизе; **~ пи́ сьма** кагътал ритIизе; **~ семью́ в дере́вню** хъизан росулъе битIизе 2) *что (дать распоряжение об отправке*) нахъе иналъе буюрухъ кьезе; **~ по́езд** поезд иналъе буюрухъ кьезе ◊ *~ кого-л.* **на тот свет** хвезавизе, чIвазе, тIагIинавизе

ОТПРА́ВИ//ТЬСЯ *сов.* 1) ине, къокъине; **~ться на ре́чку** лъарахъе къокъине; **~ться домо́й пешко́м** рокъове лъелго ине 2) (*отбыть*) къватIибе бахъине, ине; **по́езд ~тся че́рез час** поезд ине буго сагIаталдасан ◊ **~ться к пра́отцам** (**к пре́дкам**) хвезе (*гIадан*)

ОТПРАВЛЕ́НИЕ[1] *с* **1.** (*по гл.* **отпра́вить**) битIи **2.** (*по гл.* **отпра́виться**) ин **3.** (*почтовое*) битIараб жо (*почалдасан*)

ОТПРАВЛЕ́НИ//Е[2] *с уст. (исполнение)* тIубазаби; **~е обя́занностей** тIадал ишал тIуразари; **~я органи́ зма** черх хIалтIи ◊ **~е есте́ственных потре́бностей** тIабигIияб хIажат тIубай

ОТПРАВЛЯ́ ТЬ[1] *несов. что (исполнять, осуществлять)* тIубазабизе; **~ обя́ занности** тIадал ишал тIуразаризе

ОТПРАВЛЯ́ ТЬ[2] *несов. см.* **отпра́вить**

ОТПРАВНО́Й, -ая,-ое 1) (*откуда отправляют*) жиндихъан битIулеб (*бакI*); **~ пункт** жиндихъан битIулеб пункт 2) *перен. (исходный*) аслияб, жиндасан кинабго байбихьулеб

ОТПРА́ЗДНОВАТЬ *сов. что* байрам тIобитIизе

ОТПРА́ШИВАТЬСЯ *несов. см.* **отпроси́ ться**

ОТПРОСИ́ ТЬСЯ *сов.* ине изну босизе; **~ домо́й** рокъове ине изну босизе; **~ с рабо́ты** хIалтIудаса ине изну босизе

ОТПРЫ́ ГИВАТЬ *несов. см.* **отпры́ гнуть**

ОТПРЫ́ГНУТЬ *сов.* 1) (*в сторону*) нахъе кIанцIизе; **~ от змеи́** борхьидаса нахъе кIанцIизе 2) (*о мяче и т.д.*) нахъе кIанцIун бачIине

О́ТПРЫСК *м* 1) *бот.* цIи кIанцIараб чIор *(кьолболъан, хIохьодасан)* 2) *перен. ирон. (потомок)* наслудал (наслуялъул) чи

ОТПРЯГА́ТЬ *сов. см.* **отпря́ чь**

ОТПРЯ́ НУТЬ *сов. (отпрыгнуть)* нахъе кIанцIизе; **~ в стра́хе** хIинкъун нахъе кIанцIизе

ОТПРЯ́ЧЬ *сов. кого* бугьине, рукьалдаса (хомуталдаса) эркен гьабизе; **~ ло́шадь** чу бугьине

ОТПУ́ ГИВАТЬ *несов. см.* **отпугну́ть**

ОТПУГНУ́ТЬ *сов. кого-что* 1) (*отогнать*) хIинкъизабун нахъе хъамизе, бачахъизе; **~ птиц** хIанчIи хIинкъизарун нахъе хъамизе 2) *перен. (оттолкнуть от себя*) нахъе къазавизе; **~ свое́й нелюбе́зностью** жиндирго адаб гьечIолъиялъ нахъе къазаризе

О́ТПУСК *м* 1) (*по гл.* **отпусти́ ть**) къватIибе кьей; **~ това́ров** къайи къватIибе кьей 2) (*отдых*) отпуск, заманаялъ хIухьба-хъиялъе хъулухъалдаса эркен гьави; **очередно́й** ~ иргадулаб отпуск; **декре́тный** ~ лъимадуе йигелъул отпуск 3) *тех. хъурунгутIизе* металл лъадарулеб къагIида

ОТПУСКА́ТЬ *несов. см.* **отпусти́ ть**

ОТПУСКНИ́ К *м* отпускалда вугев

ОТПУСКНИ́ ЦА *ж* отпускалда йигей

ОТПУСКН//О́Й, -а́я, -о́е **1.** 1) отпускалъул(аб); **~о́е вре́мя** отпускалда вугеб заман 2) **~а́я цена́** биччалеб багьа **2.** *в знач. сущ.* **~ы́ е** *мн.* отпускалъул гIарац

ОТПУСТИ́ТЬ *сов.* 1) *кого-что (позволить уйти)* биччан тезе, биччазе, ине изну кьезе; **~ дете́й гуля́ ть** лъимал тира-сверизе риччазе 2) *что (ослабить)* чучизе; **~ реме́нь** рачел чучизе 3) *кого-что (освободить)* эркен гьавизе, къватIиве виччазе; **~ из заключе́ния** туснахъалдаса эркен гьавизе 4) *что (выдать)* къватIибе кьезе, биччазе; **~ това́р** къайи биччазе 5) *что (назначить, выдать)* биччазе, бихьизабизе; **~ средства́ на строи́тельство** бакIал раялъе гIарац биччазе 6) *что (отрастить)* тезе, бижизе биччазе; **~ бо́роду** мегеж тезе 7) *что разг. (сказать неожиданно*) рагIи рехизе, тохлъукье абун борчIизе; **~ о́строе слове́чко** бегIераб рагIи рехизе 8) *что тех. хъурунгутIизе* металл хасаб къагIидаялъ лъадаризе 9) *безл. перен. разг. (о боли)* мадар лъугьине

ОТРАБА́ТЫВАТЬ *несов. см.* **отрабо́тать**

ОТРАБО́ТАНН//ЫЙ, -ая, -ое пайда босараб, хIалтIизабун бахъараб; **~ое ма́сло** пайда босараб нах

ОТРАБО́ТАТЬ *сов.* 1) *что (возместить трудом*) хIалтIудалъун бецIизе; **~ свой долг** жиндирго налъи хIалтIудалъун бецIизе 2) *что (проработать какое-л. время*) хIалтIизе; **~ во́семь часо́в** микьго сагIаталъ хIалтIизе 3) (*кончить работать*) хIалтIун вахъине 4) *что (упражняясь усвоить)* тIад чIун лъазабизе, гьабизе ругьунлъизе, квер ругьун гьабизе 5) *что (придать чему-л. окончательный вид)* къачIан бахъинабизе; **~ пье́су** пьеса, рагIаракьанде щун, къачIан бахъинабизе

ОТРАБО́ТКА *ж* (*по гл.* **отрабо́тать**) 1) хIалтIудалъун бецIи 2) хIалтIи лъугIи 3) рагIа-ракьанде щун, тIад хIалтIи

ОТРА́ВА *ж (яд)* загьру, хвезарулеб жо, дару; **~ для мух** тIутIал хвезарулеб жо, тIутIазе загьру, тIутIазул дару

ОТРАВИ́ТЬ *сов.* 1) *кого-что* загьру кьезе, загьру кьун, хвезабизе, зарал гьабизе; **~ мышь** гIонкIкIое загьру кьезе; **~ органи́зм а́лкоголем** гьекъолеб жоялъ ургьимес унтизабизе; **~ уду́шливым га́зом** гьанкъулеб газалъ хвезаризе 2) *что* загьру базе; **~ во́ду** лъелъе загьру базе 3) *что перен.* хвезабизе; **~ настрое́ние** *кому-л. лъилниги* рахIат хвезабизе; **~ жизнь** *кому-л. лъилниги* гIумру къокъ гьабизе 4) *кого-что перен.* квешаб асар гьабизе; **~ созна́ние** гIакълу-лъаялъе квешаб асар гьабизе

ОТРАВИ́ТЬСЯ *сов.* загьру гьекъон, хвезе; загьруялъ зарал гьабизе; **~ несве́жей ры́ бой** заман бахъараб ччугIа загьрулъун ккезе; **~ грибо́м** гIурдахIанал загьрулъун ккезе

ОТРАВЛЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **отрави́ ть**) загьру кьей, загьру кьун, хвезаби, зарал гьаби **2.** (*по гл.* **отрави́ ться**) загьрулъун ккей, загьру гьекъон, хвей, унти

ОТРАВЛЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **отрави́ ть(ся)**

ОТРАВЛЯ́ЮЩ//ИЙ, -ая, -ее загьрулъун чIолеб; **~ие вещества́** тушманасул чIагояб къуваталда данде хIалтIизарулел загьруял химиялъулал веществаби

ОТРА́ДА *ж (радость)* рохел, ракIбохи; **дети – наша ~** лъимал – нилъел рохел

ОТРА́ДН//ЫЙ, -ая, -ое (*утешительный*) гIодоре риччазарулеб, рохалилаб; **~ое изве́стие** гIодове виччазавураб хабар; **~ое чу́вство** рохалилаб асар

ОТРАЖА́ТЕЛЬ *м тех.* отражатель (*канлъиялъул, хинлъия-лъул, электромагниталъул чIорал речIчIизарулеб алат*), (*тока-лъул печалъул тайпа)* хинлъи речIчIизабулеб печь

ОТРАЖА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **отрази́ ть(ся)**

ОТРАЖЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **отрази́ ть**) нахъчIвай **2.** (*по гл.* **отрази́ ться**) сипат лъугьин **3.** (*изображение*) сурат, сипат; **уви́ деть своё ~ в зе́ркале** матIуялъуб жиндирго сипат бихьизе **4.** *чего (воспроизведение*) бихьизаби; **~ жи́ зни в иску́сстве** искусствоялда гIумру бихьизаби

ОТРАЗИ́ //ТЬ *сов.* 1) *кого-что (отбить)* нахъчIвазе; **~ть ата́ку** гьужум нахъчIвазе 2) *кого-что* жанисан бихьизе; **зе́ркало ~ло его хму́рое лицо́** матIуялда жанисан бихьана гьесул кьерхараб гьумер 3) *что (отобразить)* бихьизабизе; **~ть жизнь в иску́сстве** искусствоялда гIумру бихьизабизе 4) *что (опровергнуть)* нахъ-чIвазе, гьереси гьабизе; **~ть напа́дки** тIасан рицунел жал гьереси гьабизе, гIайибал нахъчIвазе

ОТРАЗИ́ //ТЬСЯ *сов.* 1) (*в зеркале и т.п.*) *сундулниги* сипат гъорлъан бихьизе; **в воде́ ~лся лу́нный свет** лъелъан моцIрол канлъи бихьулеб букIана 2) (*проявиться*) асар лъугьине; **в его́ глаза́х ~лся испу́г** гьосул бадиб хIинкъиялъул асар лъугьана 3) *на ком-чем перен (сказаться)* ргIизе, асар гьабизе; **тяжёлая рабо́та ~лась на его́ здоро́вье** гьосул чорхол сахлъиялда захIматаб хIалтIи ргIана

ОТРАПОРТОВА́ТЬ *сов. кому о чем* рапорт кьезе; **~ о выполне́нии пла́на** план тIубанилан рапорт кьезе

О́ТРАСЛ//Ь *ж* бутIа; **~и промы́шленности** промышленностaлъул бутIаби; **важне́йшие ~и наро́дного хозя́йства** халкъияб магIишаталъул кIвар бугел бутIаби; **~ь нау́ки** гIелмудул бутIа

ОТРАСТА́ТЬ *несов. см.* **отрасти́**

ОТРАСТИ́ *сов.* бижизе, бахине; **у него́ отросла́ борода́** гъосул мегеж бахун бугo

ОТРАСТИ́ ТЬ *сов. что* тезе (*бижизе, бахине*); **~ бо́роду** мегеж бахине тезе

ОТРА́ЩИВАТЬ *несов. см.* **отрасти́ ть**

ОТРЕ́БЬЕ *с собир.* 1) *презр.* магъакь-кIачIар; пайда босулареб жо, нахе чIвараб жо 2) *перен.* яхI-намус лъугIарал гIадамал (*гьекъолдухъаби, цIогьал, сарсахъал*)

ОТРЕГУЛИ́РОВАТЬ *сов. что* рекъезабизе, низамалде ккезабизе, нухда ккезабизе

ОТРЕДАКТИ́РОВАТЬ *сов. что* редакторлъи гьабизе (*тIехьалъе*), басмаялде бахъизе хIадур гьабизе

ОТРЕ́З *м* **1.** (*по гл.* **отре́зать**) гIурхъи чIван, къотIи **2.** (*материи*) ратIлие къотIараб ххамил кесек; **~ на пла́тье** гурдие жо **3.** (*место среза*) къотIараб бакI

ОТРЕ́ЗАТЬ *сов.* 1) *что, чего* къотIизе; **~ ло́мтик хле́ба** чадил мочIу къотIизе 2) *что и чего (отделить межеванием*) гIурхъи чIван, къотIизе, батIа гьабизе; **~ зе́млю под дом** рукъзал раялъе ракь, гIурхъи чIван, батIа гьабизе 3) *кого-что перен.* нух къазе; **~** *кому-л.* **путь к отступле́нию** нахъе къаялъе нух къазе 4) *разг. (резко ответить)* данде къотIизе, хъачIго жаваб кьезе

ОТРЕЗА́ТЬ *несов. см.* **отре́зать**

ОТРЕЗВЕ́ТЬ *сов.* 1) вигьине, гIакълуялде вачIине 2) *перен.* рекIеда ватизе, кантIизе, цебе гьабуралдаса ракI бухIизе

ОТРЕЗВИ́ ТЬ *сов. кого-что* 1) вигьинавизе; **~ пья́ного** мехтарав вигьинавизе 2) *перен.* кантIизавизе, ракьалда рештIинавизе; **~ мечта́теля** анищчи кантIизавизе, ракьалда рештIинавизе

ОТРЕЗВИ́ ТЬСЯ *сов. см.* **отрезве́ть**

ОТРЕЗВЛЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **отрезви́ ть(ся)**

ОТРЕ́ЗОК *м* 1) (*отрезанный кусок*) къотIараб кесек 2) (*часть чего-л.*) бутIа; **~ пути́** нухлул бутIа; **~ вре́мени** заманая-лъул бутIа; **~ ли́ нии** *мат.* мухъалъул бутIа

ОТРЕКА́ТЬСЯ *несов. см.* **отре́чься**

ОТРЕКОМЕНДОВА́ТЬ *сов. кого-что* 1) *уст. (представить кому-л.*) цIарги бицун, *лъилгунниги* лъай-хъвай гьабизабизе 2) (*охарактеризовать*) лъикIаб къимат кьезе, лъикIаблъун бихьизабизе

ОТРЕКОМЕНДОВА́ТЬСЯ *сов.* лъай-хъвай гьабулаго, живго щивали бицине

ОТРЕМОНТИ́ РОВАТЬ *сов. что* къачIазе, ремонт гьабизе; **~ тра́ктор** трактор къачIазе

ОТРЕЧЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **отре́чься**) инкар гьаби, рехун тей; **~ от дру́га** гьудуласдаса инкар гьаби; **~ от свои́ х слов** жиндирго ргIабаздаса инкар гьаби **2.** (*документ*) инкар гьабун, хъвараб кагъат

ОТРЕ́ЧЬСЯ *сов. от кого-чего (отказаться)* инкар гьабизе, рехун тезе; **~ от свои́ х слов** жиндирго ргIабаздаса инкар гьабизе; **~ от сы́ на** васасдаса инкар гьабизе; **~ от ве́ры** дин рехун тезе; **~ от престо́ла** пачалъиялдаса инкар гьабизе

ОТРИЦА́НИЕ *с* 1) (*по гл.* **отрица́ть**) инкар кквей, нахъчIвай, гьечIолъи бихьизаби, гьечIилан чIей 2) *грам.* гуреблъи (гьечIолъи) бихьизаби; **~ не** гуро, гьечIо, -чIо, -ро, -/у/ге

ОТРИЦА́ТЕЛЬНО *нареч.* квешго, рокьукъго; **~ относи́ ться** *к кому-чему-л. лъидехунниги* рокьукъго вукIине; **~ де́йствовать** *на кого-что-л.* квешаб асар гьабизе

ОТРИЦА́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*неблагоприятный*) нахъчIвараб, разилъи гьечIеб; **~ый отве́т** нахъчIвараб жаваб; **~ое отноше́ние** *к чему-л. лъидехунниги* разилъи гьечIеб (квешаб) балагьи 2) *мат., физ.* отрицательный, нолалдаса гьитIинаб; **~ый заря́д** отрицательный заряд (*токалъул*); **~ое число́** нолалдаса гьитIинаб тарих 3) (*плохой*) рокьукъаб, квешаб; **~ый персона́ж** рокьукъав персонаж; **~ые черты́ хара́ктера** гIамал-хасияталъул квешал рахъал

ОТРИЦА́ТЬ *несов. что* 1) инкар кквезе, гьабизе; **~ свою́ вину́** жиндаго гIайиб букIиналъе инкар кквезе 2) (*отвергать что-л.*) нахъчIвазе, гIадахъ босунгутIизе

ОТРО́ГИ *мн.* (*ед.* **отро́г** *м*) мугIрузул аслиял гурел гIаркьалаби; **~ Карпа́т** Карпатазул аслиял гурел гIаркьалаби

О́ТРОДУ *нареч. разг. (никогда)* киданиги; **~ не слыха́л ничего́ подо́бного** киданиги ргIичIо гьединаб (гьелда релъгьараб) жо

ОТРО́ДЬЕ *с разг. презр.* бахьикъосал, рижисурал

О́ТРОК *м уст.* гIолилав (*7 соналдаса 15-ялде щвезегIан гIумру бугев вас*)

ОТРО́СТОК *м* 1) *бот. (побег)* цIикIанцIараб чIор, гIолохъанаб гIаркьел, цIибижараб чIил; **отсади́ть ~** цIибижараб чIил цойги бакIалда чIезе 2) (*ответвление*) хьолбохъан бижараб жо; **~ слепо́й кишки́** бецабакьалъул хьолбохъан бижараб жо

О́ТРОЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое гIолиллъиялде рахунеб замана-лъул; **~ие го́ды** гIолиллъиялде рахунеб заманалъул санал

О́ТРОЧЕСТВО *с* гIолиллъиялде рахунеб ригь

ОТРУБА́ТЬ *несов. см.* **отруби́ ть** 1)

О́ТРУБИ *мн.* тIахьди

ОТРУБИ́ТЬ *сов.* 1) *что* къотIизе, къотIун рехизе 2) *перен. (резко ответить)* хъачIго жаваб кьезе, данде къотIизе

ОТРУГА́ТЬ *сов. кого-что* вагъизе, семизе, воркьизе

ОТРЫ́ В *м* **1.** (*по гл.* **оторва́ть**) тIезаби, батIалъизаби **2.** (*по гл.* **оторва́ться**) тIей, батIалъи **3.** тIураб бакI

ОТРЫВА́ТЬ[1] *несов. см.* **оторва́ть**

ОТРЫВА́ТЬ[2] *несов. см.* **отры́ ть**

ОТРЫВА́//ТЬСЯ *несов. см.* **оторва́ться; чита́ть не ~ясь** бер тIаса босичIого, цIализе

ОТРЫ́ ВИСТ//ЫЙ, -ая, -ое (*прерывистый*) гьоркьоб къотIарулеб, бабадулеб; **~ая речь** гьоркьоб къотIарулеб калам

ОТРЫВНО́Й, -ая, -ое тIанчал тIолеб; **~ календа́рь** тIанчал тIолеб календарь

ОТРЫ́ВОК *м* кесек, бутIа; **~ из рома́на** романалъул кесек (бутIа)

ОТРЫ́ ВОЧН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*неполный*) цоцада бухьинчIеб, цоцадехун хурхен гьечIеб, тIубачIеб; **~ые све́дения** цоцада ру-хьинчIел баянал; **~ые воспомина́ния** цоцадехун хурхен гьечIел ракIалдещвеял 2) (*прерываемый паузами*): **слышны́ то́лько ~ые слова́** гьоркьо-гьоркьоса цо-цо ргIаби гурони, ргIулел гьечIо

ОТРЫ́ ГИВАТЬ *несов. см.* **отрыгну́ть**

ОТРЫГНУ́ ТЬ *сов. что, чего* гIуп рехизе

ОТРЫГНУ́ ТЬСЯ *сов.* 1) (*извергнуться*) гIупадизе 2) *перен. (отозваться)* квешлъилъун тIаде бачIине (*ргIизе*), квешлъиялде сверизе

ОТРЫ́ ЖКА *ж* 1) гIуп; **~ от ло́ука** порол гIуп 2) *перен. разг.* загьирлъи, кIватIибе рехи; **~ ста́рого быта** цебесеб рукIа-рахьиналъул гIаламатал загьирлъи, кIватIире рехи

ОТРЫ´ ТЬ *сов.* 1) *что (вырыть)* бухъун бахъизе; ~ **окóп** хандакъ бахъизе; ~ **пострадáвших при обвáле** ччукIелалда гъоркье ккарал къватIире рахъизе

ОТРЯ´ Д *м* 1) (*группа людей*) къокъа, отряд; **партизáнский** ~ партизаназул къокъа 2) *воен.* отряд; **передовóй (головнóй)** ~ бетIераб отряд 3) *зоол.* тайпа; ~ **хи´щных** жанаваразул тайпа

ОТРЯ´ ДН//ЫЙ, -ая, -ое отрядалъул(аб); **~ый сбор** отрядалъул дáндеракIари; **~ая пéсня** отрядалъул кечI

ОТРЯ´ ХИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **отряхнýть(ся)**

ОТРЯХНУ´ ТЬ *сов. что* кIобокIизе, кIутIизе; ~ **снег с воротникá** габуралдаса гIазу кIутIизе

ОТРЯХНУ´ ТЬСЯ *сов.* жиндасаго кIутIизе (*хIур, гIазу*); кIобокIахъдизе *(хIайван)*

ОТСАДИ´ ТЬ *сов.* 1) *кого-что* батIаго гIодов чIезавизе 2) *что (растение)* бахъун цойги бакIалда чIезе

ОТСÁЖИВАТЬ *несов. см.* **отсади´ ть**

ÓТСВЕТ *м* чIвараб кунчIи, чIвараб канлъул нур; ~ **луны´** моцIрол кунчIи

ОТСВЕ´ЧИВА//ТЬ *несов.* 1) (*давать отблеск*) кунчIизе, кунчIи кьезе, кунчIизабизе 2) *разг. (стоять, заслоняя собой свет*) канлъуда цеве чIезе; **отойди´ отсю´да, не ~й!** нахъе вилълъа, канлъуда цеве чIоге!

ОТСЕБЯ´ ТИНА *ж* жинцаго ургъараб жо, тIаде жубараб жо

ОТСЕ´В *м* **1.** (*по гл.* **отсе´ять**) цIалкIи, цIалкIун батIа гьаби **2.** (*по гл.* **отсе´яться**) цIалкIун батIалъи **3.** (*остатки*) тIахьди, цIалкIун хутIараб жо; нахъе чIвараб жо **4.** *перен.* гьоркьоса нахъе ин, гьоркьоса нахъе рехи, гьоркьоса чIарай, лъедерлъи; ~ **студе´нтов** гьоркьоса студентал чIарай

ОТСЕ´ИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **отсе´ять(ся)**

ОТСЕ´К *м* къотIел; ~ **косми´ческого корабля´** космосалъул гамил къотIел

ОТСЕКÁТЬ *несов. см.* **отсе´чь**

ОТСЕ´СТЬ *сов.* нахъе вахъун, цойги бакIалда гIодов чIезе; ~ **от окнá** гордухъа нахъе вахъун, цойги бакIалда гIодов чIезе

ОТСЕЧЕ´НИЕ *с* (*по гл.* **отсе´чь**) нахъе къотIи; **даю´ гóлову на** ~ бетIер къотIизе ккквела

ОТСЕ´ЧЬ *сов.* 1) *что кьабун* къотIизе; ~ **сухýю ве´тку** бакъвараб гIаркьел нахъе къотIизе 2) *кого-что перен.* тIезабизе; ~ **пехóту от тáнков** танказдаса лъелаб аскар тIезабизе (бухьен тIезабизе)

ОТСЕ´ЯТЬ *сов.* 1) *что (отделив, просеяв*) цIалкIун батIа гьабизе, цIалкIикьан биччазе 2) *кого-что перен. (отобрать*) гъорлъа хъирщун, нахъе ритIизе (рачине)

ОТСЕ´Я//ТЬСЯ *сов.* 1) цIалкIулаго батIалъизе; **óтруби ~лись от муки´** ханждадаса тIахьди цIалкIулаго батIалъана 2) *разг. (окончить сев*) хьон хьан лъугIизе, рекьи лъугIизе 3) *перен.* гъорлъа нахъе ине, ратIалъизе; **слáбые ученики´ ~лись** загIипал цIалдохъаби гъорлъа нахъе ана

ОТСИДЕ´ТЬ *сов.* 1) (*довести до онемения*) собозабизе, цIунцIрахинабизе; ~ **нóгу** хIетIе цIунцIрахинабизе 2) (*просидеть назначенный срок*) кьураб заман лъугIизегIан, туснахъалъув ву-кIине; ~ **год в тюрьмé** кьураб сон лъугIизегIан, туснахъалда ву-кIине, туснахъалда лъагIел базе 3) кигIанали заманалъ *кивниги* гIодов чIун вукIине

ОТСИДЕ´ТЬСЯ *сов. разг. (переждать)* хвасарлъизелъун *кивниги* вахчун вукIине; ~ **от дождя´ в пала´тке** цIад къатIинегIан чадиралъув вахчун чIезе

ОТСИ´ ЖИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **отсиде´ть(ся)**

ОТСКÁБЛИВАТЬ *несов. см.* **отскобли´ ть**

ОТСКÁКИВАТЬ *несов. см.* **отскочи´ ть**

ОТСКОБЛИ´ ТЬ *сов. что* тIаса нахъе хъвагIазе, хачан нахъе босизе; ~ **кра´ску** лажбар тIаса нахъе хачазе

ОТСКОЧИ´//ТЬ *сов.* 1) (*отпрыгнуть*) нахъе кIанцIизе 2) (*отлететь*) нахъе кIанцIун бачIине; **мяч ~л от стены´** къададаса торгIо нахъе кIанцIун бачIана 3) *разг. (оторваться)* тIун ине, тIезе; **пýговица ~ла** маргъал тIун ана

ОТСКРЕБÁТЬ *несов. см.* **отскрести´**

ОТСКРЕСТИ´ *сов. что раз* нахъе хъвагIазе, хачазе

ОТСЛÁИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **отслои´ть(ся)**

ОТСЛОЕ´НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **отслои´ть**) гъат-гъат ккун, батIалъизаби **2.** (*по гл.* **отслои´ться**) гъат-гъат ккун, батIалъи **3.** (*то, что отслоилось*) гъатал лъугъараб жо, гъатал

ОТСЛОИ´ ТЬ *сов. что* гъат-гъат ккун, батIалъизабизе; гъатал лъугъинаризе; ~ **корý** макъар, гъат-гъат ккун, батIалъизабизе

ОТСЛОИ´ ТЬСЯ *сов.* гъат-гъат ккун батIалъизе; гъатал лъугъине

ОТСЛУЖИ´ ТЬ *сов.* 1) (*какой-л. срок*) цо болжалалъ хъулухъ гьабизе 2) (*прийти в негодность*) заман лъугIизе, пайда босизе бегъулареб хIалалде ккезе

ОТСОВЕ´ТОВА//ТЬ *сов. кому с неопр. щибниги* гьабунгутIиялъе мукIур гьавизе (*гIакълу кьезе*); **врачи´ ~ли емý отдыха´ть на ю´ге** югалда хIухьбахъи гьабугеян гIакълу кьуна гьесие тохтурзабаз

ОТСОРТИРОВÁТЬ *сов. что* батIа-батIа лъезе, сортал гьарун, батIа гьабизе; ~ **я´ блоки** сортал гьарун, гIеч батIа гьабизе

ОТСОСÁТЬ *сов.* 1) *что, чего* цIузе, цIункIизе 2) *разг. (кончить сосать)* цIун бахъинабизе, цIункIун бахъинабизе

ОТСÓХ//НУТЬ *сов.* 1) тIубан бакъвазе; **ве´тки ~ли** гIаркьалаби тIубан ракъвана 2) *перен. разг. (о частях тела*) бакъвазе (*лага*); **рукá ~ла** квер бакъвана ◊ **~ни у меня´ язы´ к, éсли я вру!** мацI бакъваги дир, дица гьереси бицунеб батани!

ОТСРÓЧИВАТЬ *несов. см.* **отсрóчить**

ОТСРÓЧИТЬ *сов. что* 1) нахъбахъизе, нахътIамизе; ~ **сдáчу экзáменов** экзаменал кьей нахътIамизе 2) *разг. (продлить срок действия*) болжал цIикIкIинабизе; ~ **пáспорт** паспорталъул болжал цIикIкIинабизе

ОТСРÓЧКА *ж* (*по гл.* **отсрóчить**) нахъбахъи, болжал цIикIкIинаби

ОТСТАВÁНИЕ *с* (*по гл.* **отстáть**) нахъа хутIи, кватIи; батIалъун ин

ОТСТАВÁТЬ *несов. см.* **отстáть**

ОТСТÁВИТЬ *сов.* 1) *что (отодвинуть)* цояб рахъалде къазабизе, добегIан цузе; ~ **стол от окнá** гордухъа (горда аскIоса) стол нахъегIан цIазе 2) *кого уст. (уволить)* нахъе рехизе (*хIалтIудаса*), ватIа гьавизе

ОТСТÁВК//А *ж* отставка, рагъулаб хъулухъалдаса тIубан гIодов чIей; **вы´ йти в ~у** отставкаялде ине, гIодов чIезе

ОТСТАВЛЯ´ ТЬ *несов. см.* **отстáвить**

ОТСТАВНÓЙ, -ая, -ое отставкаялда вугев; ~ **офице´р** отставкаялда вугев офицер

ОТСТÁИВАТЬ *несов. см.* **отстоя´ ть**[1]

ОТСТÁИВАТЬСЯ *несов. см.* **отстоя´ ться**

ОТСТÁЛОСТЬ *ж* нахъеккей, нахъахутIи; **техни´ческая** ~ техникаялъул рахъалъ нахъеккей; **у´мственная** ~ гIакълуялъул рахъалъ нахъеккей

ОТСТÁЛ//ЫЙ, -ая, -ое нахъе ккараб, нахъа хутIараб; **~ый челове´к** нахъе ккарав чи (*маданияталъул, гIакълуялъул ва гь.ц. рахъалъ*); **~ая те´хника** нахъе ккараб техника

ОТСТÁ//ТЬ *сов.* 1) *прям., перен. (остаться позади*) нахъа хутIизе; **~ть от пóезда** поездалдаса нахъа хутIизе; **мáльчик ~л от своегó клáсса** вас жиндирго классалдаса нахъа хутIана 2) (*о часах*) нахъа букIине; **часы´ ~ли на пять минýт** сагIат щуго минуталъ нахъа буго 3) (*отделиться, отвалиться*) батIалъизе, тIун бортизе; **штукатýрка ~ла** чIвараб хIарщ батIалъун бортана 4) *разг. (перестать надоедать)* тIаса вичIизе

ОТСТАЮ´Щ//ИЙ, -ая, -ое **1.** нахъа (*хутIулеб*) бугеб; **~ее предприя´тие** нахъа бугеб предприятие **2.** *в знач. сущ.* **~ий** *м* нахъа хутIарав

ОТСТЕГÁТЬ *сов. кого-что* цIалаца (хьопоца) лъикI бухизе; ~ **ло´шадь** чу цIалаца лъикI бухизе, бацIизе

ОТСТЁГИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **отстегнýть(ся)**

ОТСТЕГНУ´ ТЬ *сов. что (кIичI*) рагъизе, (*бекI*) ричIизе; ~ **пýговицу** маргъал ричIизе; ~ **пóяс** рачел ричIизе

ОТСТИРÁТЬ *сов. что* 1) чурун инабизе; ~ **пятнó** ланг чурун нахъе инабизе 2) (*кончить стирать*) чурун лъугIизе, черон лъугIизе

ОТСТИРÁ//ТЬСЯ *сов.* чурун ине, чурун бацIцIалъизе; **пятнó ~лось** ланг чурун ана

ОТСТИ´ РЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **отстира´ть(ся)**

ОТСТÓЙ *м* тIиналде ккараб жо, аххакь

ОТСТО́ЙНИК *м* аххакь ккезе (бацIцIалъизе) гьабураб бакI (*хIавуз*)

ОТСТОЯ́ТЬ[1] *сов. кого-что* цIунизе; ~ **ро́дину** ватIан цIунизе; ~ **мир** рекъел цIунизе; ~ **свои́ права́** жиндирго ихтиярал цIунизе

ОТСТОЯ́ТЬ[2] *сов. что* ахиралде щвезегIан вахъун чIезе; ~ **на нога́х весь конце́рт** концерт лъугIизегIан вахъун чIезе

ОТСТО//Я́ ТЬ[3] *несов. от кого-чего (быть на расстоянии) кигIанали* манзилалда букIине, рикIкIада букIине; **дере́вня ~ит от ста́нции на киломе́тр** росу станциялдаса цо километралъул манзилалда буго

ОТСТОЯ́ ТЬСЯ *сов. (о жидкости)* тIокIкIине

ОТСТРА́ИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **отстро́ить(ся)**

ОТСТРАНЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **отстрани́ ть**) 1) нахъе гьаби, нахъе цуй 2) нахъе рехи, нахъе гьей; ~ **от рабо́ты** хIалтIудаса нахъе рехи **2.** (*по гл.* **отстрани́ться**) нахъе кIанцIун чIей (*хIалтIудаса, ишалдаса*)

ОТСТРАНИ́ //ТЬ *сов.* 1) *кого-что (отвести от себя в сторону)* нахъе гьабизе, нахъе цузе; **я ~л его́ ру́ку** дица досул квер нахъе цуна 2) *кого (уволить)* нахъе рехизе; **его́ ~ли от рабо́ты** гьов хIалтIудаса нахъе рехана (ватIа гьавуна)

ОТСТРАНИ́ТЬСЯ *сов.* 1) нахъе къазе, нахъе цIазе; ~ **от уда́ра** кьабулеб жоялдаса нахъе къазе 2) (*уклониться, отказаться*) сан гьабичIого тезе, нахъе кIанцIун чIезе; ~ **от всех хлопо́т** киналго ургъалабазул сан гьабичIого тезе

ОТСТРАНЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **отстрани́ ть(ся)**

ОТСТРЕ́ЛИВАТЬСЯ *несов. см.* **отстреля́ ться**

ОТСТРЕЛЯ́ //ТЬСЯ *сов.* 1) *от кого-чего* кьвагьдон тIаса бичIизабизе, кьвагьдон ворчIизе; **~ться от волко́в** кьвагьдон бацIал тIаса ричIизаризе 2) (*закончить стрельбу*) кьвагьдон бахъине; **батаре́я ~лась** батарея кьвагьдон бахъана

ОТСТРО́ИТЬ *сов. что* 1) (*закончить постройку*) бан лъугIизабизе 2) (*заново построить*) цIидасан базе; ~ **шко́лу** школа цIидасан базе

ОТСТРО́ИТЬСЯ *сов.* бан лъугIизе; ~ **по́сле пожа́ра** цIа ккаралдаса хадуб бан лъугIизе (*бухIараб бакI*)

О́ТСТУП *м (в начале строки)* хъвараб яги кьабураб мухъалда цебе толеб бакI (*цIияб пикру, цIияб предложение байбихьулеб букIин бихьизабизе*)

ОТСТУПА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **отступи́ ть(ся)**

ОТСТУПИ́ ТЬ *сов.* 1) нахъе къазе; ~ **на шаг** цо галиялъ нахъе къазе 2) *воен.* нахъе къазе; ~ **с боя́ ми** рагъулаго нахъе къазе 3) (*уклониться от чего-л.*) таризе, итизе, кьуризе; ~ **от пра́вила** низамалдаса (къагIидаялдаса) кьуризе 4) *от чего (сделать отступ)* мухъил байбихьуда бакIги тун, хъвазе 5) *перен.* кьуркьизе, чучизе; ~ **пе́ред тру́дностями** захIмалъабазда цеве кьуркьизе

ОТСТУПИ́ //ТЬСЯ *сов. от кого-чего* 1) (*отказаться*) инкар гьабизе; **~ться от своего́ сло́ва** жиндирго рагIудаса инкар гьабизе 2) (*перестать интересоваться кем-л.*) рехун тезе, интерес лъугIизе; **~лись от тебя́ друзья́** гьудулзабаз мун рехун тана

ОТСТУПЛЕ́НИЕ *с* 1) нахъе къай; ~ **проти́вника** дандияв (*тушман*) нахъе къай 2) (*уклонение*) тари, ити, кьури 3) (*от темы и т.п.*) аслияб хабаралдаса (темаялдаса) кьурараб бакI

ОТСТУ́ ПНИК *м* цересел пикрабаздаса (ракIчIеялдаса) кьурарав чи

ОТСТУ́ПНИЦА *ж* цересел пикрабаздаса (ракIчIеялдаса) кьурарай гIадан

ОТСТУПЯ́ *нареч.* гIемер рикIкIад гьечIого, аскIобго, гьоркьобги тун; ~ **два ме́тра** кIиго метр гьоркьобги тун

ОТСУ́ ТСТВИЕ *с* гьечIолъи; ~ **ну́жных книг** кьваригIарал тIахьал гьечIолъи; **за ~м вре́мени** заман гьечIолъиялъ

ОТСУ́ТСТВ//ОВАТЬ *несов.* 1) (*не присутствовать*) вукIунгутIизе; гьечIого букIине; **он сего́дня ~ует** гьов жакъа гьечIо; **~овать на собра́нии** собраниялда вукIунгутIизе 2) (*не иметься*) букIунгутIизе, гьечIого букIине; **у него́ ~ует аппети́ т** гьосул аппетит гьечIо (кваназе гъира гьечIо)

ОТСУ́ ТСТВУЮЩ//ИЙ, -ая, -ее **1.** ургъел гьечIеб, кин бугониги батIалъи гьечIеб; **~ий вид** ургъел гьечIеб сипат, куц-мухъ **2.** *в знач. сущ.* **~ий** *м* гьоркьов гьечIев, камурав; **спи́ сок ~их** камуразул сияхI

ОТСЧЁТ *м* рикIкIун хIисаб гьаби, батIа гьаби, борцин, къадар бихьизаби

ОТСЧИТА́ТЬ *сов. что* 1) (*отделить*) рикIкIун батIа гьабизе; ~ **сто рубле́й** нусго гъурущ рикIкIун батIа гьабизе 2) (*сосчитать*) *сундасанниги* байбихьун рикIкIине; ~ **де́сять шаго́в от до́ма** минаялдасан байбихьун, анцIго гали борцине

ОТСЧИ́ТЫВАТЬ *несов. см.* **отсчита́ть**

ОТСЫЛА́ТЬ *несов. см.* **отосла́ть**

ОТСЫ́ ЛКА *ж* (*по гл.* **отосла́ть**) нахъе битIи

ОТСЫ́ПАТЬ *сов.* 1) *что, чего* жанибе (*къватIибе*) бикьун базе; ~ **муку́** ханжу бикьун базе; ~ **стака́н крупы́** курпаялъул стакан бикьун базе 2) *прост.* квер биччан (барахщичIого) кьезе

ОТСЫПА́ТЬ *несов. см.* **отсы́ пать**

ОТСЫПА́ТЬСЯ *несов. см.* **отоспа́ться**

ОТСЫРЕВА́ТЬ *несов. см.* **отсыре́ть**

ОТСЫРЕ́ЛЫЙ, -ая, -ое хIеккараб, рагьа́раб; ~ **таба́к** рагьа́раб тамахьо

ОТСЫРЕ́//ТЬ *сов.* хIеккине, рагъазе; **спи́ чки ~ли** спичкадул гIучIал хIеккун руго

ОТСЫХА́ТЬ *несов. см.* **отсо́хнуть**

ОТСЮ́ДА *нареч.* 1) (*от этого места*) гьаниса(н); ~ **недалеко́ до го́рода** гьаниса шагьаралде рикIкIад гьечIо 2) *перен. (по этой причине)* гьеб гIиллаялдалъун; ~ **его оши́ бки** гьеб гIиллаялдалъун руго гьесул гъалатIал

ОТТА́ИВАТЬ *несов. см.* **отта́ять**

ОТТА́ЛКИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **оттолкну́ть(ся)**

ОТТА́ЛКИВАЮЩИЙ, -ая, -ее рокьукъаб, ракI гъанцIизабулеб; ~ **вид** рокьукъаб сипат

ОТТАСКА́ТЬ *сов.* 1) *что (нахъе)* рехъерхъизе, цIазе; ~ **мешки́ в сара́й** сараялъуре хъапал рехъерхъизе 2) *кого разг.* цIа-цIазе, кьуризе; ~ **за́ уши** гIундул кьуризе 3) *разг. (закончить таскание)* рехъерхъун лъугIизе

ОТТА́СКИВАТЬ *несов. см.* **оттащи́ ть**

ОТТАЩИ́ТЬ *сов. кого-что (нахъе)* бехъерхъизе, (*цояб рахъалде*) бехъерхъизе; ~ **я́щики в сто́рону** ящикал цояб рахъалде рехъерхъизе

ОТТА́Я//ТЬ *сов.* 1) биун ине, биине; **окно́ ~ло** горду биана 2) *что* бихIинабизе; **~ть заморо́женное мя́со** цIорозабураб гьан бихIинабизе ◊ **се́рдце ~ло** ракI гIатIилъана, вигъа-вичана

ОТТЕНИ́ТЬ *сов. что* 1) (*наложить тени*) бецI гьабизе, бецIаб кьер чIвазабизе 2) *перен.* загьирлъизабизе; ~ **основну́ю мысль** аслияб пикру загьирлъизабизе

ОТТЕ́Н//ОК *м прям., перен. (цого кьералъул*) батIалъи (*букIин*); **с розова́тым ~ком** канчIбагIараб тайпаялъул; **~ок значе́ния** магIнаялъул батIалъи; **без ~ка смуще́ния** щибниги нечIого; **с ~ом раздраже́ния** щин бахъараб гIадин

ОТТЕНЯ́ ТЬ *несов. см.* **оттени́ ть**

О́ТТЕПЕЛЬ *ж* хасало яги цудунаб ихдал дуниял хи́нлъи; хинаб гьава-бакъ; **наступи́ ла** ~ хинаб гьава-бакъ бачIана

ОТТЕРЕ́ТЬ *сов.* 1) *что (отчистить)* нахъе бацIцIине, лъулъан нахъе инабизе; ~ **пятно́** лъулъан ланг нахъе инабизе 2) *кого-что (привести в чувство*) лъулъазе; ~ **заме́рзшие ру́ки сне́гом** цIорорал кверал, гIаздаца лъулъан, ригьинаризе 3) *кого-что разг. (оттеснить)* цухъу-рухъун нахъе къазабизе

ОТТЕРЕ́ТЬСЯ *сов.* бацIцIун ине, лъулъан нахъе ине, чурун ине

ОТТЕСНИ́ ТЬ *сов. кого-что (заставить отступить)* нахъе къазабизе, нахъе цухъу-рухъузе; ~ **непри́теля** тушман нахъе къазавизе

ОТТЕСНЯ́ ТЬ *несов. см.* **оттесни́ ть**

ОТТИРА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **оттере́ть(ся)**

О́ТТИСК *м* 1) (*след чего-л.*) тIаде цун лъугъараб лъалкI 2) *полигр.* кьабураб текст 3) (*отпечатанная статья*) батIаго босун, къватIибе биччараб макъала *(журналалдаса, тIехьалдаса)*

ОТТОГО́ *нареч.* гьединлъидал, гьеб гIиллаялдалъун; **он не знал о собра́нии, ~ и не пришёл** гьосда лъаларoан данделъи букIин, гьединлъидал вачIинеги вачIинчIо

ОТТОЛКНУ́ ТЬ *сов.* 1) *кого-что* нахъе тункизе, тункун рехизе; ~ **ного́й табуре́тку** хIатIица бакI нахъе тункизе 2) *кого*

перен. нахъе къазавизе, рихинавизе; ~ **от себя́ това́рищей** жиндасаго гьудулзаби рикIкIад гьаризе (живго рихинавизе)

ОТТОЛКНУ́ ТЬСЯ *сов.* 1) *от кого-чего* нахъе тункун ине; ~ **от бе́рега** рагIалдаса нахъе тункун ине (*раса*) 2) *от чего перен. щибниги* кьочIое босун, цевехун ине; ~ **от исхо́дного те́зиса** тIоцебесеб пикруги кьочIое босун, цевехун ине (*хIалтIизе*)

ОТТОПЫ́ РИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **оттопы́ рить(ся)**

ОТТОПЫ́ РИТЬ *сов. что* понцIозабизе, буризабизе, цIутIизабизе, риххун риччазе; ~ **гу́бы** кIутIби буризаризе; ~ **карма́ны** чунтби понцIозаризе; ~ **грудь** керен цебе цIутIизабизе; ~ **па́льцы** килщал риххун риччазе

ОТТОПЫ́РИТЬСЯ *сов. (къватIибе*) буризе, (*къватIибе*) цIутIизе, понцIозе, риххун ине (*килщал*)

ОТТОРГА́ТЬ *несов. см.* **отто́ргнуть**

ОТТО́РГНУТЬ *сов. кого-что* хIалица батIа гьабизе, нахъе бахъизе; ~ **чужи́ е зе́мли** чияр ракьал хIалица рахъизе

ОТТОРЖЕ́НИЕ *с* хIалица батIа гьаби, нахъе бахъи

ОТТО́ЧЕНН//ЫЙ, -ая, -ое *прям, перен.* рекIинабураб, чархида ккураб, камил гьабураб; **~ый нож** рекIинабураб нус; **~ая фра́за** камил гьабураб жугьа

ОТТОЧИ́ТЬ *сов. что* 1) (*наточить*) рекIинабизе, чархида кквезе; ~ **топо́р** гIащтIи чархида кквезе 2) *перен.* камиллъизабизе, дурус гьабизе; ~ **стиль** стиль камил гьабизе, дагьабги къачIазе

ОТТУ́ ДА *нареч.* добаса(н), гьениса(н); **он то́же ~ ро́дом** гьесулги тухум добаса буго, гьевги доваса вуго

ОТТЯ́ ГИВАТЬ *несов. см.* **оттяну́ть**

ОТТЯНУ́ТЬ *сов. что* 1) (*в сторону*) (*цояб рахъалдехун*) цIазе, нахъе цIазе; ~ **кана́т впра́во** квар кваранидехун цIазе 2) (*отсрочить*) нахътIамизе; ~ **пое́здку** сапар нахътIамизе 3) (*сделать отвислым*) цIазабизе; ~ **карма́ны** чунтби дализаризе, цIазаризе 4) (*натрудить*) цIа-цIан унтизабизе, гьана виххизавизе 5) *тех.* бацIун халат гьабизе

ОТУ́ ЖИНАТЬ *сов.* 1) (*кончить ужинать*) къаси квен кванан бахъине, боголрагI тIубазе

ОТУПЕ́ЛЫЙ, -ая, -ое *разг.* нур свараб, ургъел гьечIеб, агъларав, рекIеда гьечIеб; ~ **взгляд** рекIеда гьечIеб балагьи

ОТУПЕ́НИ//Е *с* нур свин, ургъел гьечIолъи, агъларав, рекIеда гьечIолъи; **в ~и** рекIеда гьечIого

ОТУПЕ́ТЬ нур свине, ургъел гьечIолъи загьирлъизе, агъларав, рекIеда гьечIого вукIине

ОТУТЮ́ ЖИВАТЬ *несов. см.* **отутю́ жить**

ОТУТЮ́ ЖИТЬ *сов. что* иту кьабизе; ~ **костю́ м** костюмалда иту кьабизе (чIвазе, бахъизе)

ОТУЧА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **отучи́ ть(ся)**

ОТУЧИ́ТЬ *сов.* 1) *кого от чего и с неопр. (рехун)* тезабизе, (*ругьунаб жо*) тезабизе; ~ **от куре́ния** хъалиян цIай тезабизе 2) цIали (дарс) лъугIизабизе (*лъиданиги малъулеб жо лъугIизабизе*)

ОТУЧИ́ТЬСЯ *сов.* 1) *от чего и с неопр.* (рехун) тезе; ~ **от дурно́й привы́чки** гIантаб гIамал тезе 2) (*окончить учиться*) цIали тезе (*школалда, институталда ва гь.ц.)*, цIали гьоркьоб къотIизе тезе

ОТХА́ЖИВАТЬ *несов. см.* **отходи́ ть²**

ОТХА́РКАТЬ *сов. что* хъегIун бачIинабизе *(ахту)*

ОТХА́РКАТЬСЯ *сов.* хъегIдон (*ахту*) бачIине

ОТХА́РКИВАНИЕ *с* **1.** (*по гл.* **отха́ркать**) хъегIун ахту туй **2.** (*по гл.* **отха́ркаться**) хъегIун ахту бачIин

ОТХА́РКИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **отха́ркать(ся)**

ОТХВАТИ́ТЬ *сов. разг.* 1) *что (оторвать, отрезать*) тIун (*къотIун, хIанчIун*) рехизе; ~ **топоро́м па́лец** гIощтIоца килищ къотIун рехизе 2) *кого-что (приобрести, достать*) щвезабизе, хадув лъугьун букIинабизе; ~ **интере́сную кни́гу** лъикIаб тIехь щвезабизе 3) гIедегIун нахъе босизе; туркIун бахъизе

ОТХВА́ТЫВАТЬ *несов. см.* **отхвати́ ть**

ОТХЛЕБНУ́ТЬ *сов. что, чего разг.* хIухь базе, дагьаб тIаса гьекъезе; ~ **из кру́жки пи́ ва** кружкаялъусан хIухь бан пиво гьекъезе

ОТХЛЁБЫВАТЬ *несов. см.* **отхлебну́ть**

ОТХЛЕСТА́ТЬ *сов. кого разг.* бацIизе; ~ **кнуто́м** цIалаца бацIизе

ОТХЛЫ́НУ//ТЬ *сов.* 1) нахъе гьулчун ине; **во́лны ~ли от бе́рега** рагIалдаса карачалаби нахъе гьулчун ана 2) *перен. (отступить)* нахъе къазе; **толпа́ ~ла** руккел (къокъа) нахъе къана

ОТХО́Д *м* 1) (*по гл.* **отойти́**) нахъе ин 2) (*отправление*) къватIибе лъугьин, ин; **до ~а по́езда оста́лось 5 мину́т** поезд ине щуго минут хутIана 3) *воен. (отступление)* нахъекъай 4) (*отдаление*) рикIкIалъи

ОТХОДИ́ ТЬ[1] *несов. см.* **отойти́**

ОТХОДИ́ ТЬ[2] *сов.* 1) *кого-что разг.* лъикIаб хъулухъ гьабун, сах гьавизе; ~ **тяжелобольно́го** захIматго унтарав, лъикIаб хъулухъ гьабун, сах гьавизе (сахлъизавизе)

ОТХО́ДЧИВЫЙ, -ая. -ое хехго щин гIодобе буссунев; **он ~ челове́к** гъов хехго гIодове вуссунев чи вуго

ОТХО́Д//Ы *мн.* (*ед.* **отхо́д** *м*) хутIелал (*цойги батIияб ишалъе хIалтIизаризе бегьулел производствоялъул хутIелал*); **пищевы́ е ~ы** кванил нигIматазул хутIелал; **промы́шленные ~ы** промышленносталъул хутIелал

ОТХО́Ж//ИЙ, -ая, -ее: **~ий про́мысел** заманаялъ къватIиве ун, хIалтIи; **~ее ме́сто** *прост.* хIажатхана

ОТЦА́ *род. и вин. п. от* **оте́ц**

ОТЦВЕ//СТИ́ *сов.* 1) тIогьодаса буссине; **ли́ пы ~ли** гьадил гъутIби тIогьодаса руссана 2) *перен.* бечIазе, дагьлъизе; **тала́нт ~л** гьунар бечIана, нахъбекана 3) *разг.* кьер ине, бакъуца кьер бахъизе

ОТЦВЕТА́ТЬ *несов. см.* **отцвести́**

ОТЦЕДИ́ТЬ *сов.* 1) *что, чего* цIцIун нахъе тIезе, бецIцIизабизе; ~ **из бо́чки буты́ лку вина́** чирмаялъуса шиша чагъиралъул бецIцIизабизе 2) *что (пропустить через что-л.*) цIцIузе; ~ **бульо́н** гьагIу цIцIузе

ОТЦЕ́ЖИВАТЬ *несов. см.* **отцеди́ ть**

ОТЦЕПИ́ ТЬ *сов. что* рекIараб (хурхараб) жо батIа гьабизе, бахъизе; ~ **ваго́н** вагон батIа гьабизе; ~ **репе́йник** тIетIело бахъизе (*ретIел-куналдаса*)

ОТЦЕПИ́//ТЬСЯ *сов.* 1) батIалъизе 2) *перен. разг. (оставить в покое)* тIаса вичIизе; **~сь!** тIаса вичIа!

ОТЦЕПЛЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **отцепи́ ть(ся)**

ОТЦО́ВСК//ИЙ, -ая, -ое инсул(аб); **~ий нака́з** инсул амру; **~ая любо́вь** инсулаб рокьи

ОТЦО́ВСТВО *с* эменлъи

ОТЧА́ИВАТЬСЯ *несов. см.* **отча́яться**

ОТЧА́ЛИВА//ТЬ *несов. см.* **отча́лить; ~й!** *прост.* тIагIа!

ОТЧА́ЛИ//ТЬ *сов.* нахъе ине (*гама, раса*); **ло́дка ~ла от бе́рега** раса рагIалдаса нахъе ана

ОТЧА́СТИ *нареч.* цо рахьалъ, цодагьаб; ~ **он прав** цо рахьалъ гъов витIарав вуго; ~ **он сам винова́т** цодагьав гъов живго гIайибияв вуго

ОТЧА́ЯНИЕ *с* хьул къотIи, ракI буссин; **привести́** *кого-л.* **в ~** *лъилниги* ракI буссинабизе; **прийти́ в ~** хьул къотIизе

ОТЧА́ЯННО *нареч.* 1) (*смело*) нахъе къачIого, къвакIун; ~ **защища́ться** нахъе къачIого, (цIунун) чIезе 2) *разг. (очень)* кутакалда, цIакъ; ~ **врать** кутакалда гьерсал рицине

ОТЧА́ЯННОСТЬ *ж разг.* 1) (*безрассудное удальство*) хIамабагьадурлъи, гьабулелде вачIунгутIи 2) (*безнадежность*) хьулкъотIи, гьабизе жо тIагIин; ~ **положе́ния** бугеб хIалалдаса хьул къотIи

ОТЧА́ЯННЫЙ, -ая, -ое 1) (*безрассудно смелый*) гьабулелде вачIунарев, хадуб кколелъул пикру гьабуларев; **он челове́к ~** гъов гьабулелде вачIунарев чи вуго 2) (*безнадежный*) хьул къотIараб, гьабизе жо тIагIараб 3) *разг. (исполненный отчания*) хьу́л- къотIиялде ккараб

ОТЧА́Я//ТЬСЯ *сов. в чем и с неопр.* хьул къотIизе; **~ться в благоприя́тном исхо́де боле́зни** унти сахлъиялдаса хьул къотIизе; **я уже́ ~лся вас ви́ деть** дир хьул къотIана нуж рихьиялдаса

ОТЧЕГО́ 1) *нареч. вопр. и относ.* щай, щиб гIиллаялъе гIоло; ~ **ты не пришёл?** щиб гIиллаялъе гIоло мун вачIинчIев? **я не зна́ю, ~ он не пришёл** щай гъов вачIинчIевали лъаларо дида 2) *союз (по этой причине*) гьединлъидал, гьелдалъун; **он засмея́ лся, ~ его́ лицо́ ста́ло гора́здо приве́тливее** гъов велъана, гьелдалъун гъосул гьумер гIезегIанго рази-ракияблъун лъугьана

ОТЧЕГО́-ЛИБО *нареч.* сундасан бугониги, щиб гIиллаялдалъун бугониги

ОТЧЕГО́-НИБУДЬ *нареч. см.* **отчего́-либо**

ОТЧЕГО́-ТО *нареч.* щаялиго; **~ он не пришёл во́время** щаялиго гъов жиндир заманалда вачIинчIо; **~ боли́ т голова́** щаялиго бетIер унтулеб буго

ОТЧЕКА́НИВАТЬ *несов. см.* **отчека́нить**

ОТЧЕКА́НИТЬ *сов. что* 1) (*изготовить чеканкой*) къотIизе (*гIарац*) 2) *перен. (четко произнести)* махраж бахъун, абизе, мухIканго абизе; **~ ка́ждое сло́во** щибаб рагIи мухIканго абизе (*кодо-кодобе кьезе*)

ОТЧЁРКИВАТЬ *несов. см.* **отчеркну́ть**

ОТЧЕРКНУ́ ТЬ *сов. что* хIучч цIан батIа гьабизе, бихьуледухъ гьабизе

ОТЧЕРПНУ́ ТЬ *сов. что, чего разг.* буххун босизе; нахъе буххун, дагьлъизабизе; **~ воды́** лъим буххун босизе

ОТЧЁРПЫВАТЬ *несов. см.* **отчерпну́ть**

О́ТЧЕСТВО *с* инсул цIар; **и́ мя и ~** цIар ва инсул цIар

ОТЧЁТ *м* отчет, хIисаб кьей; **предста́вить ~ о командиро́вке** командировкаялъул отчет кьезе; **фина́нсовый ~** финансазул отчет ◊ **не дава́ть себе́ ~а** *в чем-л.* жинца гьабулеб жиндаго бичIчIунгутIизе

ОТЧЁТЛИВО *нареч.* якъинго, чIван къотIун, баянго, лъикI; **~ ви́деть** якъинго бихьизе; **~ произноси́ть слова́** рагIаби баянго абизе

ОТЧЁТЛИВ//ЫЙ, -ая, -ое якъинаб, чIван къотIараб, дурусаб баянаб; **~ое произноше́ние** баянаб кIалъай; **~ый шаг** дурусго чIолеб гали; **~ое изображе́ние** лъикI бихьулеб сурат

ОТЧЁТНО-ВЫ́ БОРН//ЫЙ, -ая, -ое отчет кьеялъулгун рищиялъулаб; **~ое собра́ние** отчет кьеялъулгун рищиялъулаб данделъи

ОТЧЁТНОСТЬ *ж* отчет хъварал документал; отчет гьаби, отчет тIадаб букIин; **де́нежная ~** гIарцул отчет гьабурал документал

ОТЧЁТНЫЙ, -ая, -ое хIисаб кьеялъулаб, отчеталъулаб; **~ докла́д** хIисаб кьеялъулаб доклад; **~ пери́ од** хIисаб кьезе кколеб заман; **~ый год** хIисаб кьезе кколеб сон

ОТЧИ́ ЗНА *ж* ватIан, вижараб бакI

О́ТЧИЙ, -ая, -ее *уст.* инсул; **~ дом** инсул рукъ (*мина*)

О́ТЧИМ *м* бесдал эмен

ОТЧИСЛЕ́НИ//Е *с* **1.** (*по гл.* **отчи́слить**) 1) тIаса бахъи, гъоркь кквей 2) (*исключение*) нахъе рехи **2.** *мн.* **~я** (*сумма*) тIаса бахъараб гIарцул къадар

ОТЧИ́ СЛИТЬ *сов.* 1) *что (вычесть*) тIаса бахъизе; **~ сто рубле́й** нусго гъурущ тIаса бахъизе 2) *кого (исключить)* нахъе рехизе; **~ студе́нта** студент нахъе рехизе

ОТЧИ́ СЛИТЬСЯ *сов. (уволиться)* нахъе ине (*хIалтIудаса*)

ОТЧИСЛЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **отчи́ слить(ся)**

ОТЧИ́СТИТЬ *сов. что* нахъе инабизе, бацIцIад гьабизе; **~ пятно́** ланг нахъе инабизе; **~ котёл** хьаг (хъазан) бацIцIад гьабизе

ОТЧИ́СТИ//ТЬСЯ *сов.* нахъе ине, бацIцIалъизе; **пятно́ ~лось** ланг нахъе ана

ОТЧИТА́ТЬ *сов.* 1) *кого-что (сделать выговор кому-л.)* бадибчIвай гьабизе, семизе, вагъизе 2) (*кончить читать)* цIалун бахъине

ОТЧИТА́ТЬСЯ *сов.* хIисаб кьезе, отчет кьезе; **~ пе́ред избира́телями** жив вищаразда цебе хIисаб кьезе

ОТЧИ́ ТЫВАТЬ *несов. см.* **отчита́ть**[1]

ОТЧИ́ ТЫВАТЬСЯ *несов. см.* **отчита́ться**

ОТЧИЩА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **отчи́ стить(ся)**

ОТЧУЖДА́ТЬ *несов.* 1) *что юр. (собственность)* хIукуматаллъе бахъизе (*буголъи*) 2) *кого-что (отдалять)* рикIкIалъизабизе, батIа гьабизе; **~ друзе́й** гьудулзаби рикIкIад гьаризе

ОТЧУЖДЕ́НИЕ *с* 1) (*по гл.* **отчужда́ть**) *юр.* хIукуматаллъе бахъи (*буголъи*) 2) (*отдаление*) рикIкIалъизари; **~ друзе́й** гьудулзаби рикIкIад гьари

ОТЧУЖДЁННОСТЬ *ж* рикIкIад чIей, батIа кIанцIун вукIин

ОТЧУЖДЁННЫЙ, -ая, -ое 1) *юр.* хIукуматаллъе бахъараб (*буголъи*) 2) (*испытывающий отчужденность*) рикIкIад чIун вукIунев, гьорлъ восичIев, батIа кIанцIун вукIунев

ОТШАТНУ́ ТЬСЯ *сов. от кого-чего* 1) (*резким движением*) (*цояб рахъалдехун*) хьвагIизе, нахъе кIанцIизе; **~ от раскалённой плиты́** багIарараб печалдаса нахъе кIанцIизе 2) *перен.* циндаго нахъе кIанцIун чIезе; **~ от пре́жнего дру́га** цеве вукIарав гьудуласдаса циндаго нахъе кIанцIун чIезе

ОТША́ТЫВАТЬСЯ *несов. см.* **отшатну́ться**

ОТШВЫ́ РИВАТЬ *несов. см.* **отшвырну́ть**

ОТШВЫРНУ́ ТЬ *сов. кого-что разг.* нахъе рехизе; **~ ка́мень с доро́ги** нухдаса гамачI нахъе рехизе

ОТШЁ́ЛЬНИК *м* батIа кIанцIун чIун, гIумру гьабулев чи; **жить ~ом** батIа кIанцIун чIун, гIумру гьабизе

ОТШЁ́ЛЬНИЦА *ж* батIа кIанцIун чIун, гIумру гьабулей чIужу

ОТШИ́Б *м:* **на ~е** гIадамаздаса добегIан, цогидаздаса ба-тIаго, батIа тIун; **жить на ~е** цогидаздаса батIаго, батIа тIун гIумру гьабизе

ОТШИБА́ТЬ *несов. см.* **отшиби́ ть**

ОТШИБИ́ ТЬ *сов. что разг.* 1) *(отбить)* кьабун тIезабизе; **~ но́сик у ча́йника** кьабун чайникалъул моцIу тIезабизе 2) *кибниги* тункизабун, унтизабизе, жагъал гьабизе; **~ но́ги** *кирниги* тункизарун, хIатIал унтизаризе ◊ **у него́ па́мять отши́ бло** гъосда кинабго кIочон тезе лъугьун буго, бетIер жагъаллъун буго

ОТШЛЁПАТЬ *сов. разг.* 1) чвархъан бахъинабизе *(гьурмалъ) 2)* хIарщулъан ине *(прост.)*

ОТШЛИФОВА́ТЬ *сов. что* 1) цIвакизабизе; **~ грани́т** чарангьецIо цIвакизабизе 2) *перен.* камил гьабизе; **~ язы́к** мацI камил гьабизе

ОТШЛИФО́ВЫВАТЬ *несов. см.* **отшлифова́ть**

ОТШУМЕ́//ТЬ *сов.* 1) гьаракь къатIине, чIезе; **дождь ~л** цIадал гьаракь къатIана 2) *перен.* тIаса ине, къотIизе; **~ли бои́** рагъал къотIана

ОТШУТИ́ ТЬСЯ *сов. разг.* ургъунго махсараялдалъун жаваб кьезе, махсараялде сверизабизе

ОТШУ́ ЧИВАТЬСЯ *несов. см.* **отшути́ ться**

ОТЩЕПИ́ ТЬ *сов. что* лъехъел тIезабизе

ОТЩЕПЛЯ́ ТЬ *несов. см.* **отщепи́ ть**

ОТЩИ́ПНУТЬ *сов. что, чего* нахъе тIезе, хIанчIун тIезе, килщаз тIезе

ОТЩИ́ ПЫВАТЬ *несов. см.* **отщипну́ть**

ОТЪ- *приставка,* «**от**» *– алдаса батIалъи гьечIо;* **е, я** *хIарпазда цебе хъвала, мас.:* **отъе́хать, отъя́ вленный**

ОТЪЕДА́ТЬСЯ *несов. см.* **отъе́сться**

ОТЪЕ́ЗД *м* нахъе ин, сапаралъ ин; **неожи́ данный ~** ракIалдаго гьечIеб нахъе ин; **быть в ~е** сапаралда вукIине

ОТЪЕЗЖА́ТЬ *несов. см.* **отъе́хать**

ОТЪЕЗЖА́ЮЩ//ИЙ, *м* нахъе унев, къватIиве вахъунев; **про́воды ~их** къватIире рахъунел тIоритIи

ОТЪЁ//СТЬСЯ *сов. разг.* гIемер кванан кьаралъизе; **щено́к ~лся** таращ гIемер кванан кьаралъун буго

ОТЪЁХАТЬ *сов.* нахъе ине (*рекIун*); **~ от ста́нции** станциялдаса нахъе ине

ОТЪЯ́ ВЛЕНЫЙ, -ая, -ое *разг.* цIар рагIарав (*квешав*), киназдаго лъалеб нахъегIанлъиялъул; **~ плут** цIар рагIарав макручи; **~ негодя́ й** киназдаго лъалев нахъегIанав чи, хъурумсахъ

ОТЫГРА́ТЬ *сов.* 1) *что (вернуть проигранное)* нахъбуссинабизе (*хIалаго араб буголъи*); **~ свои́ де́ньги** жиндирго гIарац нахъбуссинабизе 2) *что спорт.: ~ у кого-л.* **мяч** дандеясухъа торгIо бахъизе 3) (*кончить играть*) хIан лъугIизе

ОТЫГРА́ТЬСЯ *сов.* 1) (*вернуть проигранное*) кодоса араб нахъе щвезе (*хIазеги хIан*) 2) *на ком-чем перен. разг.* захIматаб хIалалдаса хIилла-бажариялдалъун ворчIизе

ОТЫ́ ГРЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **отыгра́ть(ся)**

ОТЫМЁНН//ЫЙ, -ая, -ое *грам.* предметияб цIаралдасан, прилагательноялдасан лъугьараб; **~ое наре́чие** предметияб цIаралдасан лъугьараб наречие

ОТЫСКА́ТЬ *сов. кого-что* балагьизе; **~ ну́жную кни́ гу** къваригIараб тIехь балагьизе

ОТЫСКА́//ТЬСЯ *сов.* батизе (*балагьун*); **тетра́дь ~лась** тетрадь батана

ОТЫ́ СКИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **отыска́ть(ся)**

ОТЯГОТИ́ ТЬ *сов. кого-что чем* захIмалъи ккезабизе, ургъел чIвазабизе; ~ *кого-л.* **про́сьбой** (гьарараб) гьариялъ *лъиданиги* ур-гъел чIвазабизе

ОТЯГОЩА́ТЬ *несов. см.* **отяготи́ ть**

ОТЯЖЕЛЕ́//ТЬ *сов. разг.* 1) (*стать неповоротливым*) хIинцлъизе, бакIлъизе; **за э́тот год он о́чень ~л** гьаб соналда жанив гъов цIакъ хIинцлъана, бакIлъана 2) (*устать*) бакIлъизе (свакаялъ, унтиялъ); **голова́ ~ла** бетIер бакIлъана (*бакIлъун буго*)

ОТЯЖЕЛИ́ ТЬ *сов. кого-что* бакI гьабизе, цIайи цIикIкIинабизе; ~ **констру́кцию маши́ны** машинаялъул конструкция бакI гьабизе

ОФИЦЕ́Р *м* офицер

ОФИЦЕ́РСК//ИЙ, -ая, -ое офицерасул(аб), офицеразул(аб) офицерзабазул

ОФИЦЕ́РСТВО *с собир.* офицерзаби; офицерлъи

ОФИЦИА́ЛЬНО *нареч.* 1) официалияб (*хасаб*) кагIидаялъ; ~ **заяви́ ть** официалияб (*хасаб*) къагIидаялъ лъазабизе 2) къанунияб куцалда; **реко́рд утверждён** ~ рекорд кънанунияб куцалда тасдикъ гьабун буго

ОФИЦИА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое 1) официалияб (*хIукуматалъ, хIакимас чIезабураб, гьездасан бачIараб*); ~ **ое сообще́ние** официалияб, тIасахун бачIараб (хас гьабун бачIараб) лъазаби 2): **~ый докуме́нт** кънанунияб куцалъ гьабураб документ

ОФИЦИА́НТ *м* официант, квен кьолев чи

ОФИЦИА́НТКА *ж* официантка, квен кьолей чIужу

ОФО́РМИТЬ *сов.* 1) *что (придать законченную форму*) гьабун (*хъван, къачIан*) бахъинабизе; ~ **ру́копись** рукопись хъван бахъинабизе; ~ **стенгазе́ту** къадал газета гьабун бахъинабизе; ~ **до́говор** къотIи гьабун бахъинабизе 2) *кого (зачислить*) восизе; ~ **на рабо́ту** хIалтIуде восизе

ОФО́РМИТЬСЯ *сов.* 1) (*принять законченную форму*) гьабун (*хъван, къачIан*) бахъине 2) (*поступить куда-л.*) лъугьине, гьабизе, хъвазе; ~ **на рабо́ту** хIалтIуде лъугьине; ~ **в за́гсе** загсалда хъвай-хъвагIай гьабизе

ОФОРМЛЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **офо́рмить**) 1) гьабун (*хъван, къачIан*) бахъинаби 2) воси **2.** (*по гл.* **офо́рмиться**) 1) гьабун (*хъван, къачIан*) бахъин 2) лъугьин, гьаби, хъвай, форма лъугьин **3.** (*внешний вид, форма чего-л.*) сипат-сурат (куц) гьабун бугеб къагIида

ОФОРМЛЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **офо́рмить(ся)**

ОФСЕ́Т *м полигр.* офсет (*басмаялде бахъулеб къагIида*)

ОФСЕ́ТН//ЫЙ, -ая, -ое офсеталъул(аб); **~ая печа́ть** офсеталъулаб басма

ОХ *межд.* огь, агь

ОХА́ПК//А *ж* къвал цIураб жо; **~а дров** къвал цIураб цIул; **~а се́на** къвал цIураб хер ◊ **схвати́ ть в ~у** *кого-л. щивниги* къвалакье вачине

ОХАРАКТЕРИЗОВА́ТЬ *сов. кого-что* хасияталъул бицине, характеристика кьезе; ~ **рабо́тника** хIалтIухъанасул хасияталъул бицине

О́ХАТЬ *несов.* угьдизе, угьи-агьиялда вукIине

ОХВА́Т *м* 1) (*по гл.* **охвати́ть**) къвал бай, гьоркьове вачин, жеми 2) *воен. (окружение)* жанибе сверизаби, сверункквей

ОХВАТИ́ //ТЬ *сов. кого-что* 1) (*обхватить*) къвал базе; **~ть ствол де́рева** гъотIол рохтиялда къвал базе 2) (*окружать; сжать*) къазе; **~ть бо́чку о́бручами** горал ран чирма къазе 3) *перен.* кисанго хурхине, жемизе; **пла́мя ~ло дом** рукъалда кисанго цIа хурхун букIана 4) (*овладеть*) чIвазе, рукIине; **всех ~ла ра́дость** киналго рохун рукIана 5) (*распространиться*) гьоркьобе ине, тIибитIизе; **забасто́вка ~ла всех рабо́чих** забастовкаялда киналго хIалтIухъаби гьоркьоре унел рукIана 6) *чем (включить, присоединить*) гьоркьобе бачине; **~ть всех рабо́чих горя́чим пита́нием** хинаб квен кьеялда гьоркьоре киналго хIалтIухъаби рачине (*киналго хIалтIухъабазе хинаб квен кьезе*) 7) *воен. (окружить)* сверун кквезе, жанибе сверизабизе; **~ть проти́ вника** тушман сверун кквезе, жанив вазавизе

ОХВА́ТЫВАТЬ *несов. см.* **охвати́ ть**

ОХЛАДЕВА́ТЬ *несов. см.* **охлади́ть**

ОХЛАДЕ́ТЬ *сов. к кому-чему* рокьи́ тIезе, гъира свине; ~ **к пре́жним друзья́ м** цере рукIарал гьудулзабаздаса рокьи тIезе; ~ **к работе** хIалтIуде гъира свине

ОХЛАДИ́ ТЬ *сов.* 1) *что (остудить)* цIорозабизе, бухIи дагьлъизабизе; ~ **во́ду** лъим цIорозабизе 2) *кого-что перен.* гIодобе буссинабизе, сабруялде бачине; ~ **восто́рженного ю́ношу** шавкъ цIикIкIарав гIолилав гIодове вуссинавизе

ОХЛАДИ́//ТЬСЯ *сов.* 1) цIорозе, бухIи дагьлъизе; **вода́ в котелке́ ~лась** хьагиниб лъел бухIи дагьлъун буго 2) (*охладить себя*) гьогьомизавизе (*живго*); **~ться под ду́шем** душалда гъоркь (*чIун*) живго гьогьомизавизе 3) *перен.* гIодобе буссине, нахъбекизе, цIорозе; **его чу́вства ~лись** гьесул рекIел асар нахъбуссана (*цIорона*)

ОХЛАЖДА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **охлади́ ть(ся)**

ОХЛАЖДЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **охлади́ть**) цIорозаби, гIодобе буссинаби **2.** (*по гл.* **охлади́ться**) цIорой, гьогьоми, гIодобе буссин, нахъбеки

ОХМЕЛЕ́ТЬ *сов.* мехтизе

О́ХНУТЬ *однокр. к* **о́хать**

ОХОРА́ШИВАТЬСЯ *несов. разг.* къачIадизе; ~ **пе́ред зе́ркалом** матIуялда цеве (*цее*) къачIадизе

ОХО́ТА[1] *ж* чан, чан гьаби; ~ **на волко́в** бацIазде чан гьаби

ОХО́Т//А[2] *ж (желание)* гъира, гъира букIин, бокьи, бокьун букIин; ~ **к му́зыке** музыкаялде гъира букIин; **~а учи́ться** цIализе гъира; **по свое́й ~е** жиндиего бокьун; **пить** ~ цIакъ гьекъезе бо-кьун буго

ОХО́ТИТЬСЯ *несов. на кого-что, за кем-чем* 1) чан гьабизе, чанаве хьвадизе, чанахъанлъи гьабизе; ~ **на волко́в** бацIазде чан гьабизе 2) *перен.* хадув лъугьине, хадухъахъдизе; ~ **за ре́дкой кни́гой** къанагIатаб тIехьалда хадув лъугьине (*балагьизе*)

ОХО́ТК//А *ж*: **в ~у** *разг.* гьираялда, цIакъ бокьун; **пое́сть в ~у** гьираялда кваназе

ОХО́ТНИК[1] *м* чанахъан

ОХО́ТНИК[2] *м* 1) (*любитель*) бокьулев чи, гъира бугев чи; ~ **до лошаде́й** чуял рокьулев чи 2) (*вызвавшийся что-л. сделать*) *щибниги* тIубазе бокьун тIаде босулев чи 3) *щибниги* щвезе бокьарав чи

ОХО́ТНИЦА *ж (любительница) щибниги* бокьулей чIужу, гъира бугей чIужу

ОХО́ТНИЧ//ИЙ, -ья, -ье чанахъанасул(аб); **~ье ружьё** чанахъанасул туманкI; **~ья соба́ка** чанил гьой

ОХО́ТНО *нареч.* гьираялда, бокьун; ~ **сде́лаю!** гьираялда гьабила!

О́ХРА *ж* охра (*тIогьилаб яги багIараб кьералъул минералияб релъен*)

ОХРА́Н//А *ж* **1.** (*по гл.* **охраня́ ть**) цIуни; **~а здоро́вья** сахлъи цIуни **2.** (*стража*) хъаравуллъи, хъаравул, цIунулезул къокъа; **поста́вить ~у** хъаравул тезе; **погранича́ная ~а** гIорхъаби цIунулезул къокъа

ОХРАНЕ́НИЕ *с* 1) (*по гл.* **охраня́ ть**) цIуни, цIунун чIей 2) *воен. (подразделение)* хъаравуллъи, аскар цIунулезул къокъа

ОХРАНИ́ ТЬ *сов. см.* **охраня́ ть**

ОХРА́НКА *ж разг.* охранка (*пачаясулаб Россиялда балъгояб полициялъул орган*)

ОХРА́ННИК *м разг.* хъаравул, цIунулезул къокъаялъул чи

ОХРА́НН//ЫЙ, -ая, -ое цIунулеб, цIунулев; **~ая гра́мота** *жиб кодоб бугев чи* пачалихъалъул хасаб балагьиялда, цIуна-къаялда вугилан бихьизабулеб документ

ОХРАНЯ́ТЬ *несов. кого-что* цIунизе; ~ **грани́цу** гIурхъи цIунизе; ~ **иму́щество** буголъи цIунизе; ~ *чьи-л.* **интере́сы** *лъилиниги* мурадал цIунизе; ~ **поле́зных птиц** пайдаял хIанчIи цIунизе

ОХРИ́ ПЛЫЙ, -ая, -ое къараб, хъир-хъири бахъунеб, гъварараб

ОХРИ́ПНУТЬ *сов.* гьаракь къине, гьаракь хъиризе, гьаракь гъваризе

ОХРОМЕ́ТЬ *сов. разг.* рекълъизе

ОЦАРА́ПАТЬ *сов. кого-что* хъарс-хъарсизе, хъарсизе; ~ **ру́ки** квера́л хъарс-хъарсизе, квера́л хъарс-хъарсун разе

ОЦАРА́ПАТЬСЯ *сов.* хъарсун тIаса ине, хъарсун гIуж лъугьине

ОЦЕ́НИВАТЬ *несов. см.* **оцени́ ть**

ОЦЕНИ́ ТЬ *сов. кого-что* 1) багъа чIезабизе, багъа гьабизе; **~ вещь в сто рубле́й** бичулеб жоялъул багъа нусго гъурущ гьаби-

зе 2) *перен.* къимат кьезе; **пра́вильно ~ созда́вшееся положе́ние** лъугьараб хIалалъе битIараб къимат кьезе

ОЦЕ́НК//А *ж* **1.** (*по гл.* **оцени́ть**) багьа гьаби, къимат кьей, багьа чIезаби; **~ това́ров** кьайиялъул багьа гьаби **2.** къимат; **получи́ ть хоро́шую ~у за сочине́ние** сочинениялъе лъикIаб къимат щвезе

ОЦЕ́НОЧН//ЫЙ, -ая, -ое багьа гьабулеб, багьа чIезабулеб; **~ая коми́ ссия** багьа чIезабулеб комиссия

ОЦЕПЕНЕ́НИЕ *с* цIоро-гъорон хутIи, хаган хутIи, чIаралъувго хутIи

ОЦЕПЕНЕ́ТЬ *сов.* цIоро-гъорон хутIизе, хаган хутIизе, чIаралъувго хутIизе

ОЦЕПИ́ТЬ *сов. кого-что* сверун кквезе; **~ пло́щадь** майдан сверун кквезе

ОЦЕПЛЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **оцепи́ть**) сверун кквей **2.** (*отряд*) сверун кквеялъе битIараб къокъа, *щибниги* сверун ккун бугеб къокъа

ОЦЕПЛЯ́ ТЬ *несов. см.* **оцепи́ ть**

ОЦИНКОВА́ТЬ *сов. что* тIаде цинк биччазе; **~ кро́вельное желе́зо** тIохда кколеб маххуда тIаде цинк биччазе

ОЦИНКО́ВЫВАТЬ *несов. см.* **оцинкова́ть**

ОЧА́Г *м* 1) (*устройства для огня*) гъансито 2) *перен.*: **семе́йный ~** къайи-свери, хъизан 3) *перен. (центр)* ицц, байбихьараб (тIибитIараб) бакI; **~ заболева́ния** унти тIибитIизе байбихьараб бакI

ОЧАРОВА́//НИЕ *с* хIайранлъи, хIикмалъи, гьайбатлъи; **~тельный ребёнок** гьайбатаб лъимер; **~тельное пе́ние** хIайранаб кечI ахIи

ОЧАРОВА́ТЬ *сов. кого-что* хIайранлъизаризе, хIикмалъизаризе

ОЧАРО́ВЫВАТЬ *несов. см.* **очарова́ть**

ОЧЕВИ́Д//ЕЦ *м* жиндир бералда бихьарав; **расска́зы ~ца** бералда бихьарасул харбал

ОЧЕВИ́ ДИЦА *с* жиндир бералда бихьарай

ОЧЕВИ́ДНО 1) *вводн. сл.* балики, батизе ккола, букIине ккола; **~, все уже собрали́сь** балики, гьанже киналго ракIарун руго 2) *в знач. сказ. безл.* бихьулеб буго; **бы́ло ~, что мы опозда́ли** ниж кватIараблъи бихьулеб букIана

ОЧЕВИ́ ДНЫЙ, -ая -ое якъинаб, дагIба гьечIеб, берда бихьулеб; **~ факт** якъинаб хIужжа

ОЧЕ́Й, очáм *и т.д., дат. п. и т.д. от* **о́чи**

О́ЧЕНЬ *нареч.* цIакъ, кутакалда, хIисаб гьечIого, бергьун, хIаталдаса ун; **он ~ уста́л** гьов цIакъ свакана; **~ мно́го** кутакалда гIемер; **не ~ холо́дный** кутакалда цIорораб гуреб

ОЧЕРЕДН//О́Й, -áя, -óе 1) иргадулаб, ирга тIаде щвараб; **~ы́е зада́чи** иргадулал масъалаби; **~о́й но́мер стенно́й газе́ты** къадал газеталъул иргадулаб номер 2) (*повторяющийся*) алхинчIого такрарлъулеб; **~о́й сканда́л** алхинчIого такрарлъулеб дагIба 3) (*следующий по порядку*) иргадулаб, иргаялда бачIунеб; **~о́й о́тпуск** иргадулаб отпуск

ОЧЕРЁДНОСТ//Ь *ж* ирга цIуни, иргаялда гьаби; **~ь выполне́ния рабо́т** хIалтIаби гьариялъул ирга цIуни; **в поря́ дке ~и** ирга цIунун

О́ЧЕРК *м* очерк (1 *кIудияб гьечIеб рукIа-рахъиналъул хIакъикъиял хIужаби къокъго рехсараб адабияталъулаб асар;* 2 *кинаб бугониги суал гIаммаб куцалда рагьараб хъвай-хъвагIай)*

ОЧЕРКИ́ СТ *м* очеркал хъвалев чи

ОЧЕРКИ́ СТКА *ж* очеркал хъвалей гIадан

ОЧЕРНИ́//ТЬ *сов. кого-что разг.* 1) чIегIер белъине; **~ть бро́ви** кьунсрул чIегIер релъине 2) *перен.* бугьтан лъезе, тIасан харбал рицине; **он любо́го ~т** гъос бокьарав чиясда бугьтан лъела

ОЧЕРНЯ́ ТЬ *несов. см.* **очерни́ ть**

ОЧЕРТА́НИ//Я *мн.* (*ед.* **~е** *с*) сипат-сурат, бералда бихьун, лъазе кIолеб *сундулниги* сипат; **~я гор** мугIрузул сипат-сурат

ОЧЕРТ//И́ ТЬ *сов.* 1) *что (обвести*) сверун мухъ цIан, жанибе бачине; **~и́ть статью́ в газе́те** газеталда макъалаялда сверун мухъ цIазе 2) *кого-что (описать*) гIаммаб къагIидаялда сурат цебе чIезабизе; **все персона́жи рома́на я́рко оче́рчены** къисаялъул киналго персонажазул сурат лъикI цебе чIезабун буго ◊ **~я́ го́лову** ургъичIого, кколеб жоялъул хIисаб гьабичIого; **де́йствовать ~я́ го́лову** кколеб жоялъул хIисаб гьабичIого, иш гьабизе; **жени́ ться ~я́ го́лову** ургъичIого чIужу ячине

ОЧЁС *м собир. см.* **очёски**

ОЧЁСКИ *мн.* хокIи, гьаркьица ххалаго нахъе чIвараб жо

О́ЧИ *мн.* (*ед.* **о́ко** *с*) *уст. поэт.* берал

ОЧИНИ́ ТЬ *сов. что* бегIер гьабизе (*къалам, мел ва гь.ц.*)

ОЧИ́СТИТЬ *сов.* 1) *кого-что* бацIцIад гьабизе, бацIцIине; **~ двор** азбар бацIцIад гьабизе; **~ дно пруда́** хIорил тIину бацIцIад гьабизе 2) *что (снять оболочку*) хъал бахъизе, чехъезе; **~ карто́шку** картошкаялдаса хъал бахъизе; **~ чесно́к** ражи чехъезе 3) *что (освободить)* эркен гьабизе, чIобого гьабизе; **~ ко́мнату** рукъ эркен гьабизе 4) *что (освободить от примесей*) бищизе, (*гъорлъа*) хъублъи батIа гьабизе; **~ спи́ рт** спирт бацIцIадаблъун лъугьинабизе; **~ во́ду** лъелъа хъублъи батIа гьабизе 5) *что (удалить лишнее*) бахъизе, эркен гьабизе; **~ по́лку от вещёй** кьогьен къайиялдаса эркен гьабизе 6) *что прост. (опорожнить*) чIехьезе, лъугIизабизе; **~ таре́лку** гъадаро чIехьезе 7) *кого-что прост. (обворовать)* бикъизе, ваццIцIад гьавизе

ОЧИ́СТИ//ТЬСЯ *сов.* 1) (*освободиться*) эркенлъизе, бацIцIалъизе; **река́ ~лась ото льда́** гIор цIородаса бацIцIалъана 2) (*проясниться*) бацIцIалъизе, роцIине; **не́бо ~лось от облако́в** зоб накIкIаздаса бацIцIалъана

ОЧИ́ СТК//А *ж* **1.** (*по гл.* **очи́ стить**) 1) бацIцIад гьаби 2) хъал бахъи 3) эркен гьаби, чIехьей **2.** (*по гл.* **очи́ ститься**) 1) бацIцIалъи 2) роцIин ◊ **для ~и со́вести** метериса ракI бухIунгутIиялъе гIоло

ОЧИ́ СТКИ *мн.* тIаса бахъараб хъал; бацIцIад гьабулаго, нахъе чIвараб жо; **карто́фельные ~** картошкаялдаса бахъараб хъал

ОЧИЩА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **очи́ стить(ся)**

ОЧИЩЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **очи́стить**) 1) бацIцIалъизаби 2) хъал тIаса инаби 3) эркенлъи, лъугIизаби, чIобоголъизаби **2.** (*по гл.* **очи́ ститься**) 1) бацIцIалъи 2) хъал тIаса ин 3) чIобоголъи

ОЧК//И́ *мн.* цIороберал; **стари́к в ~а́х** цIороберал рарав херав; **защи́ тные ~и́** берал цIунулел цIороберал

ОЧК//О́ *с* 1) (*в счете*) очко; **су́мма ~ов** очкабазул гIаммаб къадар; **вы́ играть ли́ шнее ~о́** тIокIаб очко щвезе; **оце́нка по ~а́м** очкабаздалъун къимат кьей, 2) (*на картах, костях*) очко 3) *полигр.* очко (*типографиялъулаб литералда тIад бугеб къватIибе цутIараб хIарп яги гIаламат*) 4) *тех.* каратI; **~о дóменной печи́** домнаялъулаб печалъул каратI ◊ **втира́ть ~и́** гуккизе (*мекъи ккезавизе*)

ОЧКОВТИРА́ТЕЛЬ *м разг.* жинца гуккулев чи, жинца махсараде кколев чи, жинца къосинавулев чи

ОЧКОВТИРА́ТЕЛЬНИЦА *женск. от* **очковтира́тель**

ОЧКОВТИРА́ТЕЛЬСТВО *с разг.* гукки, махсараде кквей, къосинави

ОЧКО́В//ЫЙ, -ая, -ое 1) *разг.* цIороберазул; **~ая опра́ва** цIороберазул сверунжал 2) *зоол.*: **~ая змея́** цIороберал рараб гIадаб борохь

ОЧНУ́ ТЬСЯ *сов.* 1) (*проснуться*) ворчIизе; **~ ото сна́** кьижаралъуса (*макьидаса*) ворчIизе 2) (*прийти в чувство*) лъавуде вачIине, вигьине, рекIеде вачIине; **~ по́сле о́бморока** лъавудаса ун хадув вигьине

О́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое: **~ая ста́вка** такъсир гьабиялда щаклъи ккарал гIадамал цоцада данде рачун, сурав боси; **~ое обуче́ние** кидаго дарсазде хьвадун гьабулеб цIали

ОЧУТИ́ //ТЬСЯ *сов.* ккезе; **~ться в незнако́мом ме́сте** лъаларе бакIалде ккезе; **как он здесь ~лся?** кин гьев гьаниве ккарав?

ОШАРА́ШИВАТЬ *несов. см.* **ошара́шить**

ОШАРА́ШИТЬ *сов. кого* 1) кутакалда кьабизе; **~ па́лкой по спине́** мугъзалъ кутакалда тIил кьабизе 2) *перен.* виххизавизе, виххун хутIизавизе; **~** *кого-л.* **вопро́сом** *щивниги,* суал кьун, виххизавизе

ОШЁЙНИК *м* хIайваназул горбода бухьараб чIоло, горбода бараб рачел; **соба́чий ~** гьвел горбода борчараб рачел, гьвел горборачел

ОШЕЛОМИ́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая,-ое цIакъ гIажаиблъизавулеб, виххун хутIизавулеб; **~ое изве́стие** цIакъ гIажаиблъизавулеб хабар

ОШЕЛОМИ́ ТЬ *сов. кого-что* цIакъ гIажаиблъизавизе, виххун хутIизавизе; **~ вопро́сом** кьураб суалалъ виххун хутIизавизе

ОШЕЛОМЛЯ́ ТЬ *несов. см.* **ошеломи́ ть**

ОШЕЛОМЛЯ́ЮЩ//ИЙ, -ая, -ее цIакъ гIажаиблъизавулеб, виххун хутIизавулеб; **~ее впечатле́ние** цIакъ гIажаиблъизавулеб асар; **~ая но́вость** виххун хутIизавулеб цIияб хабар

ОШИБА́ТЬСЯ *несов. см.* **ошиби́ ться**

ОШИБИ́ ТЬСЯ *сов.* мекъи ккезе, гъалатI ккезе, къосине; **~ в вычисле́ниях** хIисабалъулъ мекъи ккезе; **он оши́бся две́рью** гъосда нуцIа къосана

ОШИ́ БК//А *ж* гъалатI, хатIа; **испра́вить ~у** гъалатI битIизабизе; **допусти́ть ~у** гъалатI биччазе; **призна́ть ~у** гъалатIалъе мукIурлъизе; **произошла́ ~а** гъалатI ккун батана; **на ~ах у́чатся** гъалатIаз цIодорлъизарула

ОШИ́ БОЧНО *нареч.* мекъи, гъалатI биччан

ОШИ́ БОЧН//ЫЙ, -ая, -ое гъалатIаб, мекъияб; **~ое реше́ние** мекъияб хIукму

ОШПА́РИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **ошпа́рить(ся)**

ОШПА́РИТЬ *сов. кого-что* гьалдолеб лъим тIаде тIезе (*облить кипятком*), гьалдолеб лъим тIун, бухIизабизе (*пулхинабизе*) (*обжечь горячей водой, паром*)

ОШПА́РИТЬСЯ *сов.* гьалдолеб лъим тIаде ун бухIизе (*пулхине*)

ОШТРАФОВА́//ТЬ *сов. кого-что* гIакIа къотIизе; **его́ ~ли** гъосда гIакIа къотIана

ОШТУКАТУ́ РИВАТЬ *несов. см.* **оштукату́рить**

ОШТУКАТУ́ РИТЬ *сов. что* сали лъезе (*къадада, мокърукъ*)

ОЩЕНИ́ ТЬСЯ *сов. (о собаке, волке, лисе*) тIанчIи гьаризе, гважи (*бацI, цер*) къинлъизе

ОЩЕТИ́ НИВАТЬСЯ *несов. см.* **ощети́ ниться**

ОЩЕТИ́ НИТЬСЯ *сов.* хичизе, хучизе

ОЩИПА́ТЬ *сов. кого-что* бетIизе, хIулизе

ОЩИ́ ПЫВАТЬ *несов. см.* **ощипа́ть**

ОЩУ́ ПАТЬ *сов. кого-что* квашизе, квашун хал гьабизе; **~ о́пухоль** гьорораб бакIалъул квашун хал гьабизе

ОЩУ́ ПЫВАТЬ *несов. см.* **ощу́пать**

О́ЩУПЬ *ж*: **на ~** квашун балагъун, квер квалун, хъатIун; **определи́ ть о́пухоль на ~** квашун гьорораб бакI балагъизе

О́ЩУПЬЮ *нареч.* квашулаго, квашун, квер квалун; **идти́ ~ в темноте́** квер квашулаго, бецIаб бакIалдасан ине

ОЩУТИ́ МО *нареч.* лъалаго

ОЩУТИ́ МЫЙ, -ая, -ое, **ощути́тельный,** -ая, -ое 1) (*чувствительный*) лъалеб; **~ хо́лод** лъалеб квач 2) (*значительный*) цIикIкIараб; **ощути́ тельные успе́хи** цIикIкIарал бергьенлъаби

ОЩУТИ́ ТЬ *сов.* 1) *кого-что* лъазе, асар лъугьине; **~ хо́лод** квач лъазе 2) *что перен.* лъазе, рагIизе, бачIине; **~ го́ре** къварилъи лъазе

ОЩУТИ́ ТЬСЯ *сов.* лъазе, букIине

ОЩУЩА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **ощути́ ть(ся)**

ОЩУЩЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **ощути́ ть**) 1) лъай 2) рагIи **2.** *филос.* асар гьаби **3.** (*переживание, чувство*) рекIел хIал, асар

ОЯГНИ́ ТЬСЯ *сов.* чахъу къинлъизе, кьегIер гьабизе

ОЯ́ ЛОВЕТЬ *сов.* хIорлъизе, хIорго хутIизе

П

ПА *с нескл.* па (*кьурдулаго кьурдухъанас гьабулеб хасаб рагъа-рачари, кьурдулаго хIамIал лъолеб-рахъулеб къагIида*)

ПА́ВА *ж* 1) *зоол.* (*цIуяб*) тIавус 2) *разг.* (*о статной женщине*) тIавус *(гIадай чергесай гIадан)*

ПАВИЛЬО́Н *м* павильон; **цвето́чный ~** тIугьдузул павильон; **вы́ ставочный ~** выставкаялъул павильон (*выставкаялда цо тайпаялъул къайи жаниб сокIкIараб тIадагьаб берцинаб мина*); жаниб кино бахъулеб мина

ПАВЛИ́ Н *м зоол.* (*бихьинаб*) тIавус

ПАВЛИ́ Н//ИЙ, -ья, -ье тIавусалъул, тIавусилаб; **~ий хвост** тIавусалъул рачI ◊ **ворóна в ~ьих пéрьях** тIавусалъул хIулаби ругеб гъеду (бихьизе-хIан, хIанчIизе-гъвес; гьечIеб гьунар бихьизабизе лъугьарав чи; чухъа ретIунилан, чи лъугьунарев)

ПА́ВОДОК *м* (*гIоразда, хIоразда, хехго гIазуги биун яги чвахунцIадал ран*) лъим эхеде бахин; гIорщвей; гIазу биун лъугьараб их

ПА́ВШ//ИЙ, -ая, -ое **1.** хварав; рагъда хварав, чIварав **2.** *в знач. сущ.* **~ие** *мн.* хварал, рагъда чIварал

ПАГИНА́ЦИЯ *ж полигр.* тIехьалъул, журналалъул гьурмазул тарихал

ПА́ГОДА *ж* пагода, буддаязул дин гьабулеб рукъ (*Китаялда, Япониялда*)

ПА́ГУБН//ЫЙ, -ая, -ое балагъаб, заралияб, зарал-зиян кIудияб; **~ые после́дствия** заралиял хIасилал; **~ое влия́ние** квешаб, заралияб асар

ПА́ДАЛЬ *ж* балкан

ПА́ДАНЕЦ *м* гьараб пихъ

ПА́ДА//ТЬ *несов.* 1) бортизе; **~ть из рук** кодоса гIодобе бортизе; 2) гIодов ккезе; **~ть на́взничь** кIалагъоркье гIодов ккезе; 3) гьине; **ли́ стья ~ют** тIамах гъунеб буго; 4) *на кого-что* (*о свете, тени*) рехизе; **тень ~ет на доро́жку** нухде рагIад рехулеб буго; 5) *на что* (*об ударении*) ккола (*ударение кIиалеб слогалде ккола*) 6) *разг.* (*выпадать*) гьине; **во́лосы ~ют** рас гъунеб буго 7) (*понижаться*) гIодобе ккезе; **температу́ра ~ет** хинлъи-цIорой гIодобе кколеб буго, чорхол цIа-кан гIодобе кколеб буго

ПАДЕ́Ж *м грамм.* падеж

ПАДЕ́Ж *м* (*скота*) унтабаз боцIи хвей, гъури

ПАДЕ́ЖН//ЫЙ, -ая, -ое *грамм.* падежалъул, падежияб

ПАДЕ́НИ//Е *с* **1.** (*по гл.* **па́дать**) гIодобе борти; **~е с ло́шади** чодаса гъоркье ворти **2**. (*понижение*) гIодобе ккей; **~е у́ровня воды́** лъим гIодобе ккей; **~е цен** багьаби гIодоре ккей; **3**. (**режи́ма**) кIалагъоркье чIвай; **паде́ние ца́рской вла́сти** пачаясул хIукумат кIалагъоркье чIвай; **~е кре́пости** хъалаялъ дандечIей къотIизаби; **4**. (*моральное*) инжитлъи; **дойти́ до по́лного ~я** тIубанго инжитлъизе

ПАДИША́Х *м* парччахI

ПА́ДКИЙ, -ая, -ое хъантIараб; **он па́док до сла́дкого** гьуилъиялда цIакъ хъантIарав вуго гьев; (*цо сундуе бугониги*) хеккого итулев

ПАДУ, падёшь *и т.д. буд. от* **пасть**[1]

ПАДУ́ Ч//ИЙ, -ая, -ее; **~ая боле́знь** *уст.* кIотадул унти, эпилепсия

ПА́ДЧЕРИЦА *ж* бесдал яс

ПАЁК *м* паёк (*хасаб къадаралда цо хасаб заманалъе кьолеб квен-тIех*); **ме́сячный ~** моцIие кьураб паёк

ПАЗ *м* 1) (*щель*) бичIараб бакI, ричIел, ричIи́ 2) (*выемка*) рикIи́

ПА́ЗУХ//А *ж* 1) лъор; **положи́ ть за ~у** лъороб лъезе; 2) *анат. цо-цо лугбазул* жаниблъи, гьодораб бакI ◊ **держа́ть ка́мень за ~ой** *против кого-л.* тушманлъи, щцин балъго гьабизе; рецIел босизе хIадурго вукIине; лъорор ганчIалги лъун, вукIине

ПАЙ *м* пай, бутIа; гIаммаб ишалда гьоркьоб гIахьаллъи гьабулаго, кьолеб бутIа (*гIарцул*); **вступи́ тельный ~** лъугьунелъул (гIахьалъулелъул) кьолеб бутIа (гIарац)

ПА́ЙЩИК *м* пайщик, пай кьурав чи; пайги кьун гIахьаллъи гьабулев чи; паялъул бетIергьан

ПА́ЙЩИЦА *ж* пайщица, пай кьурай гIадан; пайги кьун гIахьаллъи гьабулей гIадан; паялъул бетIергьан

ПАКГА́УЗ *м* пакгауз (*жаниб къайи цIунизе бараб хасаб мина, кIудияб склад*)

ПАКЕ́Т *м в разн. знач.* пакет: **завернýть кни́ги в ~** тIахьал, пакет гьарун, рухьине; **карто́шка в ~ах** пакеталда жанибе (*къвачIинибе*) бараб картошка; **секре́тный ~** балъгояб пакет; **индивидуа́льный ~** щивасе хасаб, щивав чи бетIергьанаб пакет, къвачIа; жанибе жо балеб кагътил, целофаналъул къвачIа

ПАКИСТА́НЕЦ *м* пакистанияв

ПАКИСТА́НКА *ж* пакистаниай

ПАКИСТА́НСКИЙ, -ая, -ое пакистаналъул (-аб)

ПАКИСТА́НЦЫ *мн.* пакистаниял

ПА́КЛЯ *ж* пакля; габаниквар гьабулаго, нахъе чIвараб (*русбузул кьватIалабахъ бугIулеб)* хайи, хокIи

ПАКОВА́ТЬ *несов. что* бухьине, *сунда бугониги* гъорлъ жемун хIадур гьабизе; **~ дома́шние ве́щи** бухьа-къан къайи-къоно хIадур гьабизе

ПА́КОСТИТЬ *несов. разг.* 1) *что* (*пачкать*) хъублъизабизе, чорок гьабизе 2) *что* (*портить*) хвезабизе; **~ рабо́ту** хIалти хвезабизе 3) *кому* (*делать пакости*) квешлъи гьабизе (*лъиениги*)

ПА́КОСТНЫЙ, -ая, -ое *разг.* 1) (*отвратительный*) хIал къалеб 2) (*делающий пакости*) хIал къалеб (чамгIалаб) жо гьабулев

ПА́КОСТ//Ь *ж разг.* 1) (*непристойность*) чамгIаллъи, хъублъи; **говори́ть ~и** къабихIал жал абизе, рицине 2) (*гадкий поступок*) хъубаб, нахъегIанаб иш; **де́лать ~и** нахъегIанал, къабихIал ишал гьаризе

ПАКТ *м* пакт, халкъазда гьоркьосеб къотIи; **~ о ненападе́нии** цоцазда тIаде кIанцIугутIиялъул къотIи

ПАЛА́С *м* турут

ПАЛА́Т//А *ж* 1) кIалгIа, кутакалда къачIараб мина 2) азарханабазда унтарал регулеб рукъ 3) цо-цо идарабазул цIар; **кни́ж-ная** ~ тIахьазул палата

ПАЛАТАЛИЗА́ЦИЯ *ж лингв.* палатализация *(рагьукъал гьаркьал, мацIалзул гьодги дагьабги борхун, рахъи; тамах гьаби)*

ПАЛАТА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое *линг.* палаталияб (*гьаракь*)

ПАЛА́ТК//А *ж* чадир

ПАЛА́ТНЫЙ, -ая, -ое палатаялъул, палатаялъе (*унтаразе*) хъулухъ гьабулев; **~ врач** палатаялъул тохтур

ПАЛА́ТОЧН//ЫЙ, -ая, -ое чадиралъул; **~ый городо́к** заманалъе чадирал чIван гьабураб чIолеб бакI

ПАЛА́Ч *м* гIащтIичи, жаллат (*чIвазе къотIарав чIвалев чи*); гIазабчи

ПА́ЛЕВЫЙ, -ая, -ое багIарсиябги канчIтIогьилабги жубараб кьер

ПАЛЁН//ЫЙ, -ая, -ое чIурхIараб

ПАЛЕОЗО́ЙСК//ИЙ, -ая, -ое ракьалъул историялъул (тарихалъул) цIакъго цебесеб эраялде (гIасруялде) кколеб

ПАЛЕОНТО́ЛОГ *м* палеонтолог (*ганчIиде сверарал хIайваназул ва хурдузул хIакъалъулъ бугеб гIелмуялда (палеонтологиялда) тIад хIалтIулев гIалимчи*)

ПАЛЕОНТОЛО́ГИЯ *ж* палеонтология (*ганчIиде сверарал хIайваназул ва хурдузул хIакъалъулъ бугеб гIелму)*

ПА́ЛЕЦ *м* 1) килищ (*кверзул, хIатIил*) 2) машинабазул, механизмабазул палец ◊ **па́лец о па́лец не уда́рить** килщида килищ кIутIунгутIизе; **па́льца в рот не кладй́** (чияр) кIалдиб килищ льоге; **как свои́ пять па́льцев знать** жиндирго щуябго килищ гIадин лъазе (*цIакъ лъикI лъазе*); **по па́льцам перече́сть** килщазда рикIкIине (*килщазда рикIкIинегIанги дагь руго*)

ПАЛИСА́ДНИК *м рукъалда цебе бугеб* сверун къараб гьитIинаб ах

ПАЛИ́ТРА *ж* 1) *художникас* релъаби журазарулеб хъарщи 2) *сураталда* батIи-батIиял релъабазул рекъонккей 3) *перен.* сурат бахъулаго, художникасда ратарал ресал; **бога́тая ~ писа́теля** хъвадарухъанасул бечедаб мацI, берцинал сипатал, образал, гьесда ратарал цIиял ресал

ПАЛИ́ //ТЬ[1] *несов.* 1) *кого-что* (*опаливать*) къвагъизе; цIа гъун бухIизе, чIурхIизе; **~ть гу́ся** хъаз чIурхIизе; **утю́г ~т про́стыню** итуялъ шаршав чIурхIулеб буго 2) *кого-что и без доп.* (*обдавать жаром*) кисанго багIари речIчIизе, бакъул бухIи чIвазе

ПАЛИ́ ТЬ[2] *несов. разг.* (*стрелять*) цадахъ гIарада базе

ПА́ЛК//А *ж* тIил ◊ **де́лать** *что-л.* **из-под ~и** хIалица гьабизабизе (*тIилищаги вухун, гьабизабизе*); **па́лочная дисципли́на** тIилил гIадлу

ПАЛЛА́ДИЙ *м* (*хим. элемент, металл*) палладий

ПАЛО́МНИК *м* зияратчи (зияраталъ хьвадулев чи)

ПАЛО́МНИЦА *ж* зияратчIужу (зияраталъ хьвадулей гIадан)

ПАЛО́МНИЧЕСТВО *с* 1) (*посещение Мекки и Медины*) хIежалде ин, зияраталъ ин, зияратчилъи, хIеж борхи

ПА́ЛОЧК//А *ж* 1) *уменьш. от* **па́лка; бараба́нные ~и** къолотIилал 2) *мед.* (*бацилла*) палочка, бактерий ◊ **~а–выруча́лочка** хIалкIолъи бугеб тIил (*лъималазул хIаялда цIар*)

ПА́ЛОЧН//ЫЙ, -ая, -ое тIилил; **~ые уда́ры** тIилил къабиял (тIилица бухи) ◊ **~ая дисципли́на** тIилил гIадлу

ПА́ЛУБА *ж* палуба (*гамил тIасияб рахъ, рагъи*); **ве́рхняя ~** тIасияб палуба, тIасияб рагъи

ПАЛЬБА́ *ж разг.* цадахъ кьвагьи, залп бай

ПА́ЛЬМА *ж* чамасдак, чамасдакил гъветI; **фи́никовая ~** финикалъул чамасдак ◊ **~ пе́рвенства** бергьенлъиялъул цIар, *сундулъниги* тIокIлъи бихьизабун щвараб тIоцебесеб бакI

ПАЛЬТО́ *с нескл.* пальто

ПА́ЛЬЧИК *м уменьш. от* **па́лец** гьитIинаб килищ ◊ **ма́льчик с ~** килищгIанасев вас

ПАЛЯ́Щ//ИЙ, -ая, -ее къвагъулеб, цIакъ багIарараб, бухIизабулеб; **~ лучи́ со́лнца** рухIарал бакъул чIорал

ПАМПА́СЫ *мн.* пампасал (Югалъулаб Американалъул авлахъал)

ПАМФЛЕ́Т *м* памфлет (*сунденигu яги лъиденигu данде хъвараб (буссараб) политикияб хасиятлъул сатирияб асар*)

ПА́МЯТКА *ж* памятка (*щиб букIаниги ракIалда щвезе гьабураб хъвай-хъвагIай; ракIалде щвезесеб жо хъвалеб книжка*)

ПА́МЯТЛИВЫЙ, -ая, -ое ракIалда жо чIолев, ракI цIодорав;

ПА́МЯТНИК *м* 1) *в разн. знач.* памятник; **~ Пу́шкину** Пушкиние памятник; **~и пи́сьменности** хъвай-хъвагIаялъул памятникал 2) (*на кладбище*) зани

ПА́МЯТН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*незабываемый*) кIочонареб, кIочон толареб; **~ые места́** кIочон толарел бакIал 2) (*дареный*) ракIалде щвеялъе кьураб; **~ый пода́рок** ракIалде щвеялъе кьураб сайигъат; **~ая кни́га** ракIалде щвеялъе кьураб тIехь 3) ракIалде щвеялъе гьабураб

ПА́МЯТ//Ь *ж* 1) ракIалдачIей, ракIцIодорлъи; **хоро́шая ~ь** лъикIаб ракIалдачIей; **зри́тельная ~ь** берцIодорлъи 2) (*воспоминание*) ракIалде бачIин, ракIалде щвей; **оста́вить по себе́ ~ь** жиндирго хIакъалъулъ лъикIаб ракIалдещвей тезе; **чтить ~ь** ракIалде щвезавизе; **в ~ь** ракIалде щвеялъе 3) (*сознание*) лъайгIакълу; **лежа́ть без ~и** лъай-гIакълуялда гьечIого, вегун вукIине; **без ~и** *от кого́-л. лъидасаниги* вохиялъ кинабго кIочон тун ...; **вы́учить на ~ь** ракIалдасан лъазабизе; **подари́ть на ~ь** ракIалде щвеялъе сайгъат гьабизе; **прийти́ на ~ь** ракIалде бачIине; **ве́чная ему ~ь!** абадиялъ рекIелъ хутIаги!

ПАН *м* пан (*цебесеб Польшаялда ва Литваялда – помещик*) **ли ´- бо ~, ли́бо пропа́л** я хвела, я бахъина; я щвела мурадалде, я щвеларо

ПАНА́МА *ж* (*шляпа*) панама (*сверунбакI-щомели кIудияб сумал яги ххамил шляпа)*

ПАНАЦЕ́Я *ж книжн.* панацея *(алхимиказ киналго унтабазе данде кколебилан рикIкIунеб дару)*

ПАНБА́РХАТ *м (ткань)* панбархат, тIеренаб къатIипа

ПАНДЕМИ́Я *ж мед.* цо улкаялде яги улкаялъул бутIаялде цадахъ унтаби рахин

ПАНЕГИ́РИК *м* 1) *цебе заманалда*: *лъиениги* рецц-бакъ гьабун махщалида хъвараб шигIрияб асар 2) *перен.* гIурхъулъа борчIун *щибниги-щивниги* вецци

ПАНЕ́ЛЬ *ж* 1) тротуар *(къватIалъул кIиябго рахъалдасан рилълъине тараб нух)* 2) *цIулаца яги лажбаралъ къачIараб* къадазул гъоркьияб рахъ 3) *(плита)* панель, къоно (*рукъзал раялда хIалтIизарулел бетоналъул чIахIиял къанал*); **дом из ~ей** чIа-хIиял къаназул гьарурал рукъзал

ПАНЕ́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое панелалъул, чIахIиял къаназул; **~ый дом** къаназул рукъзал

ПАНИБРА́ТСК//ИЙ, -ая, -ое *разг.* цIакъго гIагараб, гIурхъи-рахъго гьечIеб

ПАНИБРА́ТСТВО *с разг.* цIакъго гIагарлъи, гIурхъи-рахъго гьечIолъи

ПА́НИК//А *ж* рихха-хочи; **подня́ть ~у** рихха-хочизаризе; **на корабле́ начала́сь ~а** гамида рихха-хочи байбихьана (багъарана)

ПАНИКЁР *м* хехго вихха-хочулев чи, рихха-хочи багъаризабулев чи

ПАНИКЁРША *ж* хехго йихха-хочулей гIадан; рихха-хочи багъаризабулей гIадан

ПАНИКОВА́ТЬ *несов. разг.* вихха-хочун лъугьине, цIакъ рахIат хун лъугьине

ПАНИРОВА́ТЬ *сов. и несов. что кул.* бежилалде ханждалъ чучазабизе

ПАНИРО́ВОЧН//ЫЙ, -ая, -ое *кул.*; **~ые сухари́** бежулеб жо гъорлъ чучазабулеб (хъурараб) сухари

ПАНИХИ́ДА *ж церк.* панихида (*церковалда хварасда тIасан гьарулел жал*); **граждáнская ~** хварав чи вукъилалде гьев ракIалде щвезавиялъе гьабулеб дандельи, пашманлъиялъулаб митинг

ПАНИ́ ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое рихха-хочиялъулаб

ПАННО́ *с нескл.* панно (*накъищаз яги скульптораз гьарурал, художниказ рахъарал суратаз чIухIизабураб къед, мокърукъбакI; къадал цо бутIа ккураб хIебтида бахъараб сурат)*

ПАНОРА́МА *ж* 1) (*вид*) панорама, сурат; **~ го́рода** шагьаралъул сурат, шагьаралъул гьумер, шагьар бихьулеб куц 2) (*картина*) панорама *(кIудияб, гIемераб бакIалъул сурат)* 3) *воен.* гIарадабазул ишан кколеб оптикияб прибор (алат)

ПАНОРА́МНЫЙ, -ая, -ое панорамияб; **~ кинотеáтр** панорамияб кинотеатр (*кIудияб гурараб экран бугеб кинотеатр*)

ПАНСИО́Н *м* пансион (*революциялда цебесеб Россиялда: общежитиеги бугеб, жаниве бокьанщинав чиги виччаларе6, цIалдохъабазе хIажатабщинаб ва гьоркьохъеб лъай кьолеб цIалулеб бакI (школа)*

ПАНСИОНА́Т *м* пансионат (*киналго хъулухъалги гьарун, рачIарал (гьалбал) къабул гьарулеб гостиница, петер*)

ПАНТАЛО́НЫ *мн. устар.* тIажу

ПАНТАЛЫ́ К *м:* **сбить** *кого-л.* **с ~у** *разг.* гьабулеб жо лъалареб бакIалде (хIалалде) ккезави, пикру биххизаби; **сби́ться с ~у** *разг. (запутаться)* гIакълу биххизе; щиб гьабулеб бугебали лъарареб бакIалде, хIалалде ккезе; къосине

ПАНТЕО́Н *м* пантеон (*машгьурал гIадамал рукъулеб бакI*)

ПАНТЕ́РА *ж зоол.* пантера (*гъапланазул тайпаялъул гIалхул жанавар*)

ПАНТОМИ́МА *ж* пантомима *(кIалъачIого, берал-кIалал гьарун, рагъа-рачариялдалъун бихьизабулеб пьеса*)

ПА́НТЫ *мн.* ракьа къачIел лълъурдул (*тIанкIал ругел гIолохъанал ритIучIазул*)

ПА́НЦИРЬ *м* 1) *ист.* (*доспехи*) къолден 2) *зоол.* панцирь, рокьол хъал, щурун; **черепа́ший ~** щурункъверкъалъул щурун

ПА́ПА[1] *м* (*отец*) дада

ПА́ПА[2] *м церк.* папа; **ри́мский ~** Рималъул папа (*римазулгун католиказул церковалъул тIадегIанав бетIер)*

ПАПА́ХА *ж* тахтадул тIагъур, бухаритIагъур

ПАПИРО́СА *ж* папирос

ПАПИРО́СН//ЫЙ, -ая, -ое папиросалъул; **~ая фа́брика** папиросазул фабрика; **~ая бума́га** папирос кагъат, папиросал гьаризе хIалтIизабулеб кагъат

ПА́ПКА *ж* папка (*картоналъул яги хромалъул кагътал жанир лъолеб жо*)

ПА́ПОРОТНИК *м бот.* папоротник

ПАПУА́С *м* папуасав

ПАПУА́СКА *ж* папуасай

ПАПУА́ССК//ИЙ, -ая, -ое папуасазул; **~ие языки́** папуасазул мацIал

ПАПУА́СЫ *мн.* папуасал (*ЦIияб Гвинеялъул халкъ*)

ПАР[1] *м* хIухьел; **превраще́ние воды́ в ~** лъим хIухьладе свери; **подда́ть ~у**: а) хIухьел цIикIкIинабизе; б) *перен.* вагIаризавизе; щибниги гьабизе тIамизе ◊ **зада́ть ~у** кутакалда семизе (*лъидениги*); **на всех ~ах** бугеб къуваталда; хехго

ПАР[2] *м с.-х.* заманалъ бекьичIого тараб къачIараб ракь

ПА́РА *ж* 1) (*два однородных предмета*) жут; **~ сапо́г** чакмабазул жут, кIиго чакма; 2) *разг.* (*две штуки*) кIиго жо; **~ я́ блок** кIиго гIеч 3) (*запряжка в две лошади*) гьакида бараб кIиго чу 4) (*двое*) кIигоял; **супру́жеская ~** рос-лъади 5) (*о небольшом количестве чего-л.*): **вы́звать на па́ру слов** цо-кIиго рагIи абизе ахIи-зе; *прост.* (*двойка*) кIийилаб ◊ **два сапога́ – ~** кIиго чакма гIадал цоцазда релъгьарал; **~ пустяко́в** щибго гуреб жо, бигьаго тIубалеб жо

ПАРА́БОЛА *ж мат.* парабола

ПАРА́ГРАФ *м* параграф

ПАРА́Д *м* парад; **принима́ть ~** парад къабул гьабизе; **кома́ндовать ~ом** парадалъе команда гьабизе ◊ **быть в по́лном ~е** байрамалъул форма ретIун вукIине

ПАРАДИ́ ГМА *ж грам.* парадигма, хисулел ругIабазул формабазул система (къагIида)

ПАРА́ДН//ЫЙ, -ая, -ое *в разн. знач.* парадалъул, парадныяб; **~ая дверь** къотIносахун рокъобе бугеб нуцIа (рагьу)

ПАРАДО́КС *м* гIадатияб, киназго къабул гьабуралда данде кколареб пикру, гIакълу

ПАРАДОКСА́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое: **~ слу́чай** гIадатияб гуреб божизе захIматаб лъугьа-бахъин

ПАРАЗИ́Т *м* чIукIна, чияр захIматалдасан бетIербахъи гьабулев чи

ПАРАЗИТИ́ ЗМ *м* (*тунеядство*) чIукIначилъи

ПАРАЗИТИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое чIукIначилъиялъулаб; **вести́ ~ о́браз жи́зни** чIукIначиясулаб гIумру гьабизе, нахъегIанаб гIумру гьабизе

ПАРАЛИЗ//ОВА́ТЬ *сов. и несов. кого-что* 1) цояб рахъ кквезе; **у него́ ~о́вана пра́вая рука́** гьесул кваранаб гъеж ккун буго 2) *перен.* загIип гьабизе; иш гьабун бажаруларе6 бакIалде ккезабизе

ПАРАЛИ́ ТИК *м* палиж унтиялъ ккурав чи

ПАРАЛИТИ́ ЧЕСКИЙ, -ая, -ое палиж унтиялъ ккураб

ПАРА́ЛИЧ *м* палижалазул унти, палиж унти

ПАРА́ЛИЧН//ЫЙ, -ая, -ое 1) палиж унтиялъул; **~ое состоя́ние** палиж унти лъугьараб гIадаб хIал, палижалъ ккураб гIадаб хIал 2) **~ая рука́** палиж унтиялъ ккураб гъеж

ПАРАЛЛЕЛЕПИ́ ПЕД *м мат.* параллелепипед

ПАРАЛЛЕЛОГРА́ММ *м мат.* параллелограмм

ПАРАЛЛЕ́ЛЬ *ж* 1) *мат.* параллель, цоцаз къотIуларел хIуччал

ПАРАЛЛЕ́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое 1) параллелияб; **~ые ли́нии** параллелиял (цоцаз къотIуларел) хIуччал; **~ые у́лицы** параллелиял (цоцаз къотIуларел) къватIал 2) *перен. сунданиги* цадахъ унеб, бугеб; релъгьараб, цохIого гIадаб

ПАРА́МЕТР *м мат., физ., тех.* параметр; роценал, *сундулниги* гIурхъи

ПАРАНДЖА́ *ж* паранджа *(Гьоркьохъеб Азиялъул бусурбан руччабаз ретIунеб халгIат гIадаб гьумер бахчулеб гьинги бугеб гурде)*

ПАРАПЕ́Т *м* парапет *(нухлул рагIалдасан гьабураб тIуцаб къед)*; **~ моста́** кьодул парапет

ПАРАФИ́ Н *м* парафин (*чIегIернарталдасан бахъулеб хIе*)

ПАРАФИ́НОВ//ЫЙ, -ая, -ое парафиналъул; **~ые све́чи** хIедучирахъал

ПАРАШЮ́Т *м* парашют; **прыга́ть с ~ом** парашюталъ кIанцIизе

ПАРАШЮТИ́ЗМ *м* парашюталъулаб спорт; парашюталъ кIанцIиялъул теория ва хIалбихьи

ПАРАШЮТИ́ СТ *м* парашюрист (*парашюталъ кIанцIулев чи*)

ПАРАШЮТИ́СТКА *ж* парашютистка (*парашюталъ кIанцIулей гIадан*)

ПАРАШЮ́ ТНЫЙ, -ая, -ое парашюталъул, парашюталъулаб; **~ спорт** парашюталъулаб спорт

ПА́РЕН//ЫЙ, -ая, -ое хIухьлада белъинабураб; **~ые о́вощи** хIухьлада релъинарурал овощал ◊ **дешёвле ~ой ре́пы** цIакъ учузаб; цIакъ учузго

ПА́РЕНЬ *м разг.* гIолилав

ПАРИ́ *с нескл.* гьоркьоб жо бай, чалтук; **держа́ть ~** гьоркьоб жо базе, чалтук тIезе

ПАРИ́К *м* парик (*расул гьабураб бетIералда лъолеб ка-тIари*)

ПАРИКМА́ХЕР *м* парикмахер, даллак

ПАРИКМА́ХЕРСКАЯ *ж* парикмахерская (*бутIрул къунцIулеб, къачIалеб бакI*), даллакхана

ПАРИКМАХЕРСК//ИЙ, -ая, -ое парикмахерасул(аб); **~ие но́жницы** парикмахерасул кIвекьмаххъ, даллаккIвекьмаххъ

ПАРИКМА́ХЕРША *ж* парикмахерша, даллак (*чIужугIадан*)

ПАРИ́ РОВАТЬ *сов. и несов. что* 1) (*отразить удар*) къабулеб жо нахъчIвазе, къаби нахъчIвазе 2) *перен.* (*опровергнуть*)

нахъчIвазе; ~ **до́воды проти́вника** дандеясул хIужжаби нахъчIвазе

ПАРИТЕ́Т *м юр., эк.* паритет (*сундулъниги кIиябго рахъалъул (кIиязулго) ращалъиялъул ва ращадал ихтияразул принцип*)

ПАРИТЕ́ТН//ЫЙ, -ая, -ое ращалъиялъулаб; **на ~ых нача́лах** ращалъиялъулаб кьучIалда

ПА́РИ//ТЬ[1] *несов.* 1) *что* (*пищу*) хIухьлада лъезе; **~ть ты́ кву** хъабахъ хIухьлада лъезе (хIухьлада лъун белъинабизе) 2) *что* (*очищать паром*) хIухьлаца бацIцIад гьабизе; **~ь бельё** гъоркьан ретIел хIухьлаца бацIцIад гьабизе 3) *кого-что (в бане)* хIамамалда хIухьлалъ вукIине 4) *безл. (обдавать жаром, зноем)* багIаризе, бухIаризе лъугьине; **~т, наве́рное, бу́дет дождь** бухIарулеб буго, цIадае батизе бегьула (цIад базе бегьула)

ПА́РИТЬ[2] *несов. что с.-х.* бегун тезе (*ракь*)

ПАРИ́ТЬ *несов.* гьавагьине (*куркьбалги хьвагIичIого, боржине*), тIавап гьабизе; **орёл ~т высоко́ в не́бе** цIум зодил боркалъуда тIавап гьабулеб буго ◊ **~ть в облака́х** хиялазда вукIине, пикрабалъ вукIине

ПА́РИТЬСЯ *несов.* 1) (*в бане*) хIухьлаца гIетI базабизе 2) *разг.* (*изнемогать от жары*) кутакалда гIетI базе; гIетIуца тату хвезабизе; ~ **в шу́бе** хъабчица цIакъ гIетI базабизе, хъабчилъ гIетIуца тату хвезабизе

ПАРК, *м* парк (1 *хIухьбахъиялъе гъутIбиги чIун гьабураб, хьвадизе нухалги ругеб ах; 2 воен. аскаралъе техника кьолеб, гьеб добе-гьанибе баччизе санагIаталда гьабураб склад; 3 транспорт чIолеб, къачIалеб бакI*); **трамва́йный** ~ трамваял къачIалеб парк

ПАРКЕ́Т *м* паркет (*чIарбида кквезе гьарурал хасал чIедерал цIулал кескал, чIалал*)

ПАРКЕ́ТНЫЙ, -ая, -ое паркеталъул; паркет ккураб; **~ый пол** паркет ккураб чIабар, паркеталъул чIабар

ПАРЛА́МЕНТ *м* парламент (*буржуазиял конституциялъулал пачалихъазда законал рахъизе ихтярал ругеб бищараб тIадегIанаб орган*)

ПАРЛАМЕНТАРИ́ ЗМ *м* парламентаризм (*бетIералда парламентги букIун, пачалихъалъул иш хIалтIизабулеб система, къагIида*)

ПАРЛАМЕНТА́РИЙ *м* парламенталъул член, хIаракатчи

ПАРЛАМЕНТА́РН//ЫЙ, -ая, -ое парламентарияб, парламентаризмалда тIад гIуцIараб

ПАРЛАМЕНТЁР *м* парламентёр, вакил (*рагъулез цоцахъе кIалъай гьабизе, жидерго шартIал цере лъезе витIулев вакил*)

ПАРЛА́МЕНТСК//ИЙ, -ая, -ое парламенталъул(аб); **~ая делега́ция** парламенталъулаб вакиллъи; **~ие вы́боры** парламенталъул (парламенталде) рищиял

ПАРНИ́К *м* парник (*шитил, овощал цудунго гIезаризе гьабураб хинаб бакI*)

ПАРНИКО́В//ЫЙ, -ая, -ое парникалъул, парникалда гIезабураб; **~ые огурцы́** парникалда гIезабураб охцер

ПАРНИ́ШКА *м разг.* гьитIинав гIолохъанчи, гIолохъанав вас

ПАРН//О́Й, -а́я, -о́е; **~о́е молоко́** хинлъилаго бугеб, гьабсагIат бечIчIараб рахь; **~о́е мясо** хинлъилаго бугеб гьан

ПАРНОКОПЫ́ТНЫЕ *мн. зоол.* кIикIвекьал (кIикIвекьал щанкIлал ругел) хIайванал (*оц, гIака, болъон*)

ПА́РН//ЫЙ, -ая, -ое 1) дандеяб бугеб; **~ый сапо́г** дандеяб бугеб чакма 2) (*расположенный попарно*) кIи-кIи цадахъ ругел; **~ые ли́стья** *бот.* кIи-кIи цадахъ ругел тIанхал 3) (*об упряжке*) кIиго чу балеб; **~ое ката́ние на конька́х** *спорт.* чуленазда (конькабазда) кIигоял (*ясги васги*) цадахъ хъештIей

ПАРОВО́З *м* паровоз

ПАРОВОЗН//ЫЙ, -ая, -ое паровозалъул; **~ый дым** паровозалъул кIкIуй; **~ая брига́да** паровозалъул бригада; **~ое депо** паровозазул депо (*паровозал чIолеб, къачIалеб бакI*)

ПАРОВОЗОРЕМО́НТНЫЙ, -ая, -ое паровозал къачIалеб; ~ **заво́д** паровозал къачIалеб завод

ПАРОВОЗОСТРОЕ́НИЕ *с* паровозал гьари

ПАРОВОЗОСТРОИ́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое паровозал гьарулеб; ~ **заво́д** паровозазул завод, паровозал гьарулеб завод

ПАРОВ//О́Й[1]**,** -ая, -ое 1) *тех.* хIухьлал, хIухьлалаб; **~о́й дви́гатель** хIухьлаца хIалтIизабулеб двигатель (мотор); **~о́е отопле́ние** хIухьлаца рукъзал хинлъизарулеб санагIалъи 2) (*приготовленный на пару*) хIухьлада лъун гьарурал; **~ы́е котле́ты** хIухьлада лъун гьарурал котлетал

ПАРОВ//О́Й[2]**,** -ая, -ое *с.-х.*: **~о́е по́ле** заманалъ бекьичIого тараб хур

ПАРОДИ́РОВАТЬ *сов. и несов. кого-что* лъихъегониги (сундухъегониги) гьабизе

ПАРО́ДИ//Я *ж* пародия (*тIад релъизелъун лъихъегониги гьаби; цогидаб асар жойиде гьабичIого, сатирикияб куцалъ хъвараб асар*); **~я на рома́н** романалъе пародия; **литерату́рные ~и** литературиял пародиял

ПАРО́ЛЬ *м* пароль (*жидералго лъазе абулеб балъгояб рагIи яги шартIияб предмет)*

ПАРО́М *м* бурам; **самохо́дный** ~ жибго хьвадулеб бурам

ПАРО́МН//ЫЙ, -ая, -ое бурамалъул; **~ая перепра́ва** бурамалъ дорехун рахъи

ПАРО́МЩИК *м* бурамчи (*бурам бачунев чи*)

ПАРООБРА́ЗНЫЙ, -ая, -ое хIухьел гIадинаб; **~ое состоя́ние** хIухьелалъул даражаялда бугеб хIал (хIухьелалъулго гIадаб хIал)

ПАРООБРАЗОВА́НИЕ *с* хIухьел лъугьин (хIухьладе свери)

ПАРОХО́Д *м* гама (*хIухьлаца бачунеб гама, хIухьлагама*)

ПАРОХО́ДН//ЫЙ, -ая, -ое гамил; **~ый гудо́к** гамил гудок; **~ое сообще́ние** гуми хьвади; **нет ~ого сообще́ния** гуми хьвадулел гьечIо

ПАРОХО́ДСТВО *с* пароходство (*гуми хьвадиялъул иш бачунеб идара*)

ПА́РТ//А *ж* парта; **сиде́ть за одно́й ~ой** *с кем-л. цивгуннигги* цо партаялда нахъа гIодов чIезе ◊ **сесть за ~у** цIалдезе байбихьизе

ПАРТАКТИ́ В *м* (*партийный актив*) партактив (*партиялъул актив)*

ПАРТБИЛЕ́Т *м* (*партийный билет*) партбилет *(партиялъулаб* билет)

ПАРТБЮРО́ *с нескл.* (*партийное бюро*) партбюро *(партиялъул бюро);* **секрета́рь** ~ партбюроялъул секретарь

ПАРТВЗНО́СЫ *мн.* (*ед.* **партвзнос** *м*) (*партийные взносы)* партвзносал, партиялъул взносал (*кьезе кколел хIакъал*)

ПАРТГРУ́ ППА *ж* (*партийная группа*) партгруппа *(партиялъулаб группа)*

ПАРТГРУППО́РГ *м* (*руководитель партийной группы*) партгруппорг *(партиялъулаб къокъаялъул бетIер*)

ПАРТЕ́Р *м театр.* партер (*театралда халгьабулел гIодор чIолеб гъоркьияб этаж (тIала*); *спорт.* партер

ПАРТИ́ ЕЦ *м разг.* партиец, партиялда вугев чи, партиялъул член

ПАРТИЗА́Н *м* партизан

ПАРТИЗА́НИТЬ *несов. разг.* партизанлъи гьабизе; партизаназул къокъаялъул членлъун вукIине

ПАРТИЗА́НКА *ж* партизанка

ПАРТИЗА́НСКИЙ, -ая, -ое партизаназул(аб); **~ый отря́д** партизаназул къокъа

ПАРТИ́ ЙНОСТЬ *ж* 1) (*принадлежность к партии*) партиялда вукIин 2) (*соответствие принципам партии*) партийный вукIин, партиялъул мурадал, пикраби, идеология цIунулевлъун вукIин; ~ **литерату́ры** литература партиялъул мурадал, идеология цIунулеблъун букIин

ПАРТИ́ЙН//ЫЙ, -ая, -ое **1.** партиялъул(аб); **~ый комите́т** партиялъула́б комитет **2.** *в знач. сущ.* **~ый** *м*, **~ая** *ж* партиялъул член

ПАРТИТУ́РА *ж муз.* партитура (1 *гIемер гьаркьазулаб музыкаялъул данде ракIарарал киналго партияби;* 2 *цо музыкалияб асаралъул киналго партиябазул нотаби данде гьарураб тIехь*)

ПА́РТИ//Я *ж* 1) *полит.* партия; **коммунисти́ческая ~я** коммунистияб партия; **член ~и** партиялъул член; 2) (*группа, отряд*) партия, къокъа; **геологи́ческая ~я** геологазул къокъа 3) (*количество чего-л.*) партия, цо къадар; **поступи́ла ~я това́ра** къайидул цо къадар бачIана 4) (*часть музыкального произведения*) партия, бутIа; **~я скри́пки** чагъанадул партия (*чагъаналда бачунеб музыкалияб асаралъул цо бутIа*) 5) (*в игре*) партия, цо хIай; **сы-**

гра́ть ~ю в ша́хматы шахматазул цо партия хIазе 6) (*женитьба, замужество*): **соста́вить ~ю** рос-лъадилъун рукIине

ПАРТКАБИНЕ́Т *м* (*кабинет политического просвещения*) парткабинет (*партиялъулаб лъай кьеялъул кабинет)*

ПАРТКО́М *м* (*партийный комитет*) партком *(партиялъул комитет)*

ПАРТКОНФЕРЕ́НЦИЯ *ж (партийная конференция)* партконференция *(партиялъулаб конференция)*

ПАРТНЁР *м* дандеяв; цадахъ иш гьабулев чи; данде хIалев чи

ПАРТНЁРСТВО *с* цадахъ рекъон иш гьаби

ПАРТНЁРША *ж* дандеяй; цадахъ иш гьабулей гIадан; данде хIалей гIадан

ПАРТО́РГ *м* (*партийный организатор*) парторг (*партиялъул гIуцIарухъан)*

ПАРТОРГАНИЗА́ЦИЯ *ж* (*партийная организация*) парторганизация (*партиялъулаб организация*)

ПАРТРАБО́ТНИК *м* (*партийный работник*) партиялъул хIалтIухъан; партиялъул хIалтIи гьабулев чи

ПАРТСОБРА́НИЕ *с* (*партийное собрание*) партсобрание (*партиялъулаб собрание*)

ПАРТСЪЕ́ЗД *м* (*партийный съезд*) партсъезд (*партиялъул съезд*)

ПАРТШКО́ЛА *ж* партшкола

ПА́РУС *м* парус, дугъ; **подня́ть ~а́** дугъал рорхизе ◊ **на всех ~а́х** цIакъ хехго, бугеб къуваталда

ПАРУСИ́НА *ж* хIебет, парусал гьарулеб хIебет

ПАРУСИ́НОВ//ЫЙ, -ая, -ое хIебтил; **~ые ту́фли** хIебтил туфлаби

ПА́РУСНИК *м* (*судно*) гьороца бачунеб гама, гьорогама

ПА́РУСН//ЫЙ, -ая, -ое парусалъул(аб)

ПАРФЮМЕ́РИЯ *ж* парфюмерия (*махI берцинаб, гьумергун черх берцин гьабизе хIалтIизабулеб къайи*; *гьеб къайи гьабулеб производство)*

ПАРФЮМЕ́РН//ЫЙ, -ая, -ое парфюмериялъул(аб); **~ый магазин** парфюмериялъул тукен

ПАРЧА́ *ж* хара (зарбаб, зилхара) (*гIарицца ва меседқуналъ угьараб гъункараб дарайдул ххам*)

ПАРЧО́В//ЫЙ, -ая, -ое харайдул, харайдул гьабураб

ПАРША́ *ж* тIехI

ПАРШИ́ВЕТЬ *несов.* тIехI базе; *щибниги жо*, тIехI бараб гIадин, хвезе

ПАРШИ́ВЕЦ *м* тIохIок

ПАРШИ́В//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*покрытый паршой)* тIехI бараб; **~ая ко́шка** тIехI бараб кето 2) *перен. разг.* (*дрянной, плохой*) магъакь гIадаб, квешаб; **~ая вещь** магъакь гIадаб жо ◊ **~ая овца́ всё ста́до по́ртит** тIехI бараб чахъдаца рехъенго хвезабулеб (цо хIалихьатав чи гьоркьове ккани, боги биххулеб)

ПАС[1] *м в знач. сказ. разг.*: **в таки́х дела́х я ~** гьединал ишазда дица гIахьаллъи гьабуларо

ПАС[2] *м спорт.* пас; **то́чный ~** данде кколеб пас (*торгIо жидерасухъе битIун кьей*)

ПА́СЕКА *ж* найирукъ (*найил тIулби лъураб бакI*); найихъанлъиялъул магIишат

ПА́СЕЧНИК *м* найихъан

ПА́СЕЧН//ЫЙ, -ая, -ое наязул; **~ое хозя́йство** найихъанлъиялъул магIишат, найихъанлъи

ПА́СКВИЛЬ *м* пасквиль (*иш ялъуни чи къабихI гьарулеб, гьел гIодорегIан гьаризелъун хъвараб литературияб асар*)

ПА́СМУРНО 1. *нареч.* кьерхун (кьерхадго) **2.** *безл. в значении сказ.*: **сего́дня ~** жакъа кьерхун буго **3.** *безл. в знач. сказ. перен.*: **на душе́ ~** хIал бачIун буго, ракI кьварилъун буго

ПА́СМУРН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*о погоде, небе*) кьерхараб, роччараб; **~ый день** кьерхараб къо 2) *перен.* (*о человеке*) кьерхарав, вигъарав; **~ое лицо́** кьерхараб (*рази гьечIеб*) гьумер

ПАСОВА́ТЬ[1] *несов.* 1) *карт.* инкар гьабизе (*хIаялдаса инкар гьабизе*) 2) *перед кем-чем и без доп. перен.* (*сдаваться*) хIинкъизе, нахъе къазе ◊ **~ пе́ред тру́дностями** захIмалъабаздаса хIин-къизе, нахъе къазе

ПАСОВА́ТЬ[2] *несов. спорт.* пас кьезе (*цадахъ хIалесе санагIатаб куцалъ торгIо кьезе*)

ПА́СПОРТ *м* 1) паспорт (*чиясул*) 2) машинаялъул, рукъзабазул ... хъвай-хъвагIай гьабураб документ (паспорт)

ПАСПОРТИЗА́ЦИЯ *ж* паспортазул система билъанхъизаби, паспортал кьей, щивав чиясул паспорт букIинаби

ПА́СПОРТНЫЙ, -ая, -ое паспорталъул(-аб); **~ стол** паспортазул стол (*паспортал кьолеб идара*)

ПАССА́Ж *м* пассаж (1 *музыкалияб асаралъул цо бутIа;* 2 *сверухъе къайи бичулел бакIалги ругеб тIад бараб кIудияб зал)*

ПАССАЖИ́Р *м* пассажир (*машинаялда, поездалда, гамида ва гь.ц. рекIун, сапаралда вугев чи*); **зал для ~ов** пассажиразул зал

ПАССАЖИ́РКА *ж* пассажи́рка

ПАССАЖИ́РСК//ИЙ, -ая, -ое пассажиразул; **~ий по́езд** пассажиразул поезд (*гIадамал раччулеб поезд*)

ПАССИ́В *м* 1) *фин.* пассив (*предприятиялъул налъаби ва тIадеросиял*) 2) *грам.* глаголалъул страдательный залог 3) *перен. лъилниги-сундулниги* квешал, гIоларел рахъал

ПАССИ́ВНОСТЬ *ж* речIчIа-регIи гьечIолъи, ишалъулъ гIахьаллъи гьечIолъи

ПА́СТА *ж* паста; **зубна́я ~** цаби чурулеб паста (цаби чурулеб жо)

ПА́СТБИЩЕ *с* мегIер-гIалах, боцIи кваналеб бакI

ПА́СТБИЩН//ЫЙ, -ая, -ое: **~ые уго́дья** гIи-боцIи кваналел (*хъихъулел*) ракьал

ПАСТЕРИЗА́ЦИЯ *ж* пастеризация, рагIаризарун микробал хвезари

ПАСТЕРИЗО́ВАНН//ЫЙ, -ая, -ое: **~ое молоко́** бухIизабун микробал хвезарураб рахь

ПАСТЕРИЗОВА́ТЬ *сов. и несов. что* рагIаризарун микробал хвезаризе

ПАСТИ́ *несов. кого-что:* **~ гусе́й** хъазал хьихьизе, кваназе къватIире риччазе

ПАСТИ́ЛА *ж* пастила (*конфетазул цо тайпа*)

ПАС//ТИ́СЬ *несов.*: **ло́шади ~ли́сь за рекóй** чуял гIор бахун дорехун (кваналел) рукIана (кваназе риччан рукIана)

ПАСТУ́Х *м* вехь, рохьдохъан

ПАСТУ́ШЕСКИЙ, -ая, -ое, **пасту́ший,** -ья, -ье: **~ рожо́к** вехьасул щвантIих

ПАСТУ́ШКА *ж* рехьлъи гьабулей гIадан

ПАСТУШО́К *м* гIолохъанав вехь

ПАСТЬ[1] *сов.* 1) (*погибнуть*) хвезе; **~ в бою́ с врагóм** тушманасулгун рагъда хвезе 2) (*быть свергнутым*) тIаса рехизе; (*быть побежденным*) къезе; **кре́пость па́ла** хъала бахъана 3) *перен.* (*морально*) гIодовегIанлъизе, инжитлъизе; **он ни́зко пал в глаза́х окружа́ющих** гьев гIадамазул берзукь (гIадамазда цеве) инжитлъана 4) (*о скоте*) хвезе 5) (*выпасть на чью-л. долю*) ккезе, тIаса вищизе; **вы́бор пал на него́** гьев тIаса вищана ◊ **~ же́ртвой** *чего-л. сундулниги* кьурбанлъун ккезе

ПАСТЬ[2] *ж* 1) (*зверя, рыбы*) кIал

ПАСТЬБА́ *ж* боцIи къватIиб (*мегIер-гIалахалда*) кваназаби

ПА́СХА *ж* жугьутIазулги (иудеязулги) христианазулги (насраниязулги) динияб байрам, пасха

ПАСХА́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое *церк.* пасхаялъул

ПАСЫНКОВА́ТЬ *сов. и несов. что с.-х. рижарал жалазул* хьолбохъан кIанцIарал чIорал къотIизе

ПА́СЫНОК *м* 1) *прям., перен.* бесдал вас 2) *с.-х.* хьолбохъан кIанцIараб чIор (*гьотIол*)

ПАТ *м шахм.* пат *(хIалес король (къирал) хIинкъи бугеб бакIалде хъурщичIого, хадусеб ход (хъурщи) гьабун бажаруларе хIал)*

ПАТЕ́НТ *м* патент

ПАТЕ́НТН//ЫЙ, -ая, -ое патенталъул(аб); **~ое пра́во** патенталъулаб ихтияр

ПАТЕНТО́ВАНН//ЫЙ, -ая, -ое патент кьураб, патент щвараб

ПАТЕНТОВА́ТЬ *сов. и несов. что* патент кьезе; патент щвезе

ПАТЕТИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое, **патети́чный,** -ая, -ое кутакалда рекIее асар гьабулеб

ПАТЕФО́Н *м* патефон

ПАТЕФО́НН//ЫЙ, -ая, -ое патефоналъул; **~ая пласти́нка** патефоналъул пластинка

ПА́ТОКА *ж* патока (крахмалалъул бакъваяб гьоцIо)

ПАТОЛОГИ́ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое 1) патологиялъул(аб); **~ая физиоло́гия** паталогиялъулаб физиология 2) *перен.* (*уродливый*) сурукъаб, сурараб

ПАТОЛО́ГИЯ *ж* 1) (*наука*) патология *(киналго унтабазул, гьел лъугьунеб куцалъул бищунеб медицинаялъулаб гIелму)* 2) *перен.* (*отклонение от нормы*) сакъатлъи, гIайиблъи, нормаялдаса бахъи

ПАТРИА́РХ *м* 1) (*старейшина*) патриарх, тухумияб гIуцIиялъул бетIер (кIудияв) 2) *церк.* патриарх (*христиан диналда бищун тIадегIанаб даражаялъул рухIанияв хIаким*)

ПАТРИАРХА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое 1) *уст.* патриархияб; **~ый род** патриархияб тухум 2) (*устарелый*) басрияб, цебесеб; **~ые обы́чаи** басриял гIадатал

ПАТРИАРХА́Т *м ист.* патриархат *(хъизамалда бищун тIадегIанаб ихтияр патриархасул бугеб тухумияб гIуцIиялъул форма)*

ПАТРИО́Т *м* 1) ватIан хирияв чи; ватIаналъе (халкъалъе) гIоло рухI кьезе хIадурав чи, *гьезие* ритIухъав чи 2) *перен.* ~ **завóда** завод хирияв чи, заводалъул ишалъе ритIухъав чи; ~ **своегó дéла** жиндирго ишалъе ритIухъав чи

ПАТРИОТИ́ЗМ *м* ватIан хиралъи, ватIаналъе ритIухълъи, ватIан бокьи

ПАТРИОТИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое, **патриоти́ чный,** -ая, -ое ватIан хиралъиялъул; **патриоти́ ческие стихи́** ватIан хиралъиялъул хIакъалъулъ кучIдул; ватIаналде (халкъалде) рокьи загьир гьарурал кучIдул

ПАТРИО́ТКА *ж* ватIан хирияй гIадан, ватIаналъе гIоло рухI кьезе хIадурай гIадан

ПАТРО́Н[1] *м* патрон (1 *ист. некIсияб Рималда мискиназе, ихтияр гьечIезе къайимлъи гьабулев* чи; 2 *капиталистияб улкаялда фабрик-заводалъул бетIергьан)*

ПАТРО́Н[2] *м в разн. знач.* патрон; **боевóй** ~ танчил, тункIил патрон; **электри́ ческий** ~ электрикалъул патрон (чирахъ кьурулеб патрон); харатIалъул тIагIел гьабизе бугеб цIул, махх кколеб алат, патрон

ПАТРОНА́Ж *м* (*медицинское обслуживание в домашних условиях*) патронаж (*тохтирзабаз, рокъо-рокъоре хьвадун, унтаразул тIалаб-агъаз гьаби, хал гьаби*)

ПАТРОНА́ЖН//ЫЙ, -ая, -ое патронажалъул(аб); **~ая сестра́** патронажлъи гьабулей сестра (*рокъо-рокъое ячIун, унтаразул тIалаб-агъаз гьабулей, хал гьабулей сестра*)

ПАТРО́ННИК *м тункIил яги танчил* хIараялъул патрон лъолеб бакI (нахъисеб рахъ)

ПАТРО́НН//ЫЙ, -ая, -ое патроналъул; **~ая ле́нта** патроназул (патронал къазарулеб) лента

ПАТРОНТА́Ш *м* патронташ, патронал лъолеб сумка (таргьа)

ПАТРУЛИ́РОВАТЬ *несов. кого-что и без доп. щибниги-щивниги* цIунизе, патрульлъи гьабизе

ПАТРУ́ ЛЬ *м* патруль, гIадлу-низам гьабулеб кIудияб гьечIеб яргъид гIуцIараб милициялъул яги аскариязул къокъа

ПАТРУ́ ЛЬНЫЙ, -ая, -ое **1.** патрулалъул(аб) **2.** *в знач. сущ.* ~ *м* хъаравул, патруль

ПА́УЗ//А *ж* лъалхъи́; **де́лать ~у** лъалхъи́ гьабизе; **наступи́ ла ~а в разгово́ре** гара-чIвариялда гьоркьоб лъалхъи́ ккана

ПАУ́К *м зоол.* нусиреч (къорола, гIанкабутI)

ПАУПЕРИ́ ЗМ *м эк.* пауперизм, классияб обществоялда гIемерал хIалтIухъаби мискинлъи

ПАУТИ́ НА *ж* хъанхъра, нуси

ПА́ФОС *м* хIасралъи, шавкъ

ПАХ *м анат.* кьан, кьан-квачI

ПА́ХАРЬ *м* векьарухъан

ПАХА́ТЬ *несов. что и без доп.* бекьизе; ~ **зе́млю** ракь бекьизе

ПА́ХН//УТЬ *несов.* 1) *чем и без доп.* махI бахъине, махIцине; **цветы́ хорошо́ ~ут** тIугьдузул (тIугьдуздасан) берцинаб махI буго 2) *перен.* (*ощущаться*) бичIчIулеб, бихьулеб букIине ◊ **~ет ссо́рой** дагIба-къец ккезехъин буго; **~ет по́рохом** рагъ-кьал ккезехъин буго (ккеялда хIинкъи буго)

ПАХНУ́//ТЬ *сов. безл. чем и без доп. разг.* чIвазе, **~ло хо́лодом** квач чIвана (гьулчун бачIана, речIчIун бачIана)

ПА́ХОТА *ж* **1.** (*по гл.* **паха́ть**) рекьи 2. (*вспаханное поле*) хур

ПА́ХОТН//ЫЙ, -ая, -ое бекьулеб; **~ая земля́** бекьулеб ракь

ПА́ХТА *ж* щар

ПА́ХТАНЬЕ *с* **1.** (*по гл.* **па́хтать**) щар чIвай **2.** щар

ПА́ХТАТЬ *несов. что* щар чIвазе

ПАХУ́ Ч//ИЙ, -ая, -ее махI бугеб, махI берцинаб; **~ее мы́ ло** махI бугеб (берцинаб) сапун

ПАЦИЕ́НТ *м* пациент (*азарханаялда вегарав унтарав*)

ПАЦИЕ́НТКА *ж* пациентка (*азарханаялда егарай унтарай*)

ПАЦИФИ́ЗМ *м* пацифизм, *кинал рукIаниги* рагъазда данде чIараб багъа-башари

ПАЦИФИ́ СТ *м кинал рукIаниги* рагъазда данде чIарав чи

ПА́ЧЕ *нареч. уст.*: цIикIкIун; **тем** ~ гьелдасаги цIикIкIун

ПА́ЧКА *ж* 1) пачка; ~ **папиро́с** папиросазул пачка; ~ **ча́ю** чайдул къвачIа (пачка); ~ **пече́нья** печенабазул къвачIа (пачка) 2) *театр.* (*балетная*) балеринаялъул костюм

ПА́ЧКАТЬ *несов. кого-что* 1) хъуб гьабизе, хъублъизабизе; ~ **ру́ки не хо́чется** кверал чорок гьаризе бокьун гьечIо 2) хвезабизе; ~ **репута́цию** сси, къадру хвезабизе, къимат хвезабизе (*бугьтан лъезе*)

ПА́ЧКА//ТЬСЯ *несов.* 1) хъублъизе, чороклъизе, гъизине; **бе́лые брю́ки бы́стро ~ются** хъахIаб тIажу хехго гъизуна, хъублъула

ПАЧКОТНЯ́ *ж разг.* хъублъи, хъубго гьабураб (*хъвавулаб, суратияб*) хIалтIи

ПАША́ *м* паша (*Турциялда, Египеталда тIадегIанал хъулухъчагIазул цIарал*)

ПА́ШНЯ *ж* рекьи; бекьараб ракь

ПАШТЕ́Т *м* паштет *(чухIараб гьанал, ччугIил гьабураб квен)*

ПАШУ́, па́шешь *и т.д. наст. от* **паха́ть**

ПА́ЮСН//ЫЙ, -ая, -ое: **~ая икра́** хасаб куцалъ хIадур гьабураб чIегIераб икра (чухIараб, карщ гIадин гьабураб икра)

ПАЯ́ ЛЬНИК *м* паяльник (*гъалай биччалеб тIагIел*)

ПАЯ́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое регъолеб, регъеялда хурхараб; **~ая ла́мпа** цIа речIчIизабулеб чирахъ; цIа речIчIизабун, металл регъолеб чирахъ

ПАЯ́СНИЧАТЬ *несов. разг.* кIичIардизе, хъачIал махсараби гьарун, релъизаризе

ПАЯ́ ТЬ *несов. что* регъезе; ~ **ведро́** ведро регъезе, ведроялде гъалай биччазе

ПАЯ́ Ц *м устар.* клоун (*циркалъул*)

ПВО (*противовоздушная оборона*) гьаваялдасан гьабулеб гьужумалдаса цIунулеб оборона

ПЕВЕ́Ц *м* кочIохъан

ПЕВИ́ ЦА *ж* кочIохъан

ПЕВУ́ ЧИЙ, -ая, -ее: ~ **го́лос** кочIолаб, берцинаб гьаракь; ~ **стих** ахIун бачIунеб кечI

ПЕ́ВЧ//ИЙ, -ая, -ее **1.**: **пе́вчие пти́ цы** бакъан берцинал хIанчIи **2.** *в знач. сущ.* **~ий** *м* килисаялда хоралда кечI ахIулев чи

ПЕ́Г//ИЙ, -ая, -ое (*о масти*); ~ **ая ло́шадь** тIанкIал ругеб чу, къвалаб чу

ПЕДАГО́Г *м* педагог, учитель, тарбиячи

ПЕДАГО́ГИКА *ж* педагогика (*тарбия ва лъай кьеялъул хIакъалъулъ бугеб гIелму*)

ПЕДАГОГИ́ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое педагогикияб, педагогикаялъул, тарбия-лъай кьеялъул; **~ий коллекти́в** педагогазул коллектив; **~ий тала́нт** педагоглъиялъул гьунар, махщел; **~ий институ́т** педагогикияб институт; **~ое образова́ние** педагогикияб лъай

ПЕДАГОГИ́ЧНЫЙ, -ая, -ое педагогикаялъул тIалабазда, къагIидабазда данде кколеб

ПЕДА́ЛЬ *ж* педаль (*велосипедалъул педаль, машинадул, пианиноялъул педаль*)

ПЕДА́НТ *м* цIакъго къвакIарав, кколелдаса цIикIкIун тIалабчилъи бугев, мухIканлъи тIалаб гьабулев чи

ПЕДА́НТКА *ж* цIакъго къвакIарай, кколелдаса цIикIкIун тIалабчилъи бугей, мухIканлъи тIалаб гьабулей гIадан

ПЕДИА́ТР *м* педиатр, лъималазул тохтир, лъималазул унтабазул тохтир

ПЕДИАТРИ́Я *ж* педиатрия (*лъималазул унтабазул хIакъалъулъ бугеб гIелму*)

ПЕДИКЮ́Р *м* хIатIил малъал рацIцIин, цIвакизари, гьанамагIал рахъи

ПЕЙЗА́Ж *м* пейзаж (1 *художникас бахъараб тIабигIаталъул сурат;* 2 *литературияб асаралда кьураб тIабигIаталъул сипат-сурат)*

ПЕЙЗАЖИ́СТ *м* пейзажист (*тIабигIаталъул суратал рахъулев художник*)

ПЕЙЗАЖИ́СТКА *ж* пейзажистка (*тIабигIаталъулъ суратал рахъулей художница*)

ПЕКА́РНЯ *ж* пекарня (чед бежулеб бакI)

ПЕ́КАРЬ *м* пекарь (чед бежулев чи, корогьан)

ПЕКЛЕВА́НН//ЫЙ, -ая, -ое: **~ая мука́** цIакъ биинабун (хIаризабун) ххараб ва цIалкIараб абгил ханжу; **~ хлеб** биинабун ххараб абгил чед

ПЕ́КЛО *с разг.* 1) (*ад*) жужахI 2) (*жара, зной*) кутакаб цIа, багIари

ПЕКУ́ , ПЕКУ́ Т 1 *л. ед. ч.* 3 *л. мн. ч. наст. от* **печь**[1]

ПЕКУ́ СЬ, ПЕКУ́ ТСЯ 1 *л. ед. ч.,* 3 *л. мн. ч. наст. от* **пе́чься**[1]

ПЕЛЕНА́ *ж* пардав, хъал; **~ тума́на** накIкIул пардав

ПЕЛЕНА́ТЬ *несов. кого-что* бущине; **~ ребе́нка** лъимер бущине

ПЕ́ЛЕНГ *м* пеленг (*азимут*)

ПЕЛЕНГА́ТОР *м мор. ав.* пеленгатор (*пеленгалъул кумекалдалъул ругеб бакI лъазабулеб алат*)

ПЕЛЕНГА́ТОРН//ЫЙ, -ая, -ое пеленгаторалъул; **~ая ста́нция** пеленгаторалъул станция

ПЕЛЕНГА́ЦИЯ *ж* (*по гл.* **пеленговать**) ругеб бакI лъазаби

ПЕЛЕНГОВА́ТЬ *сов. и несов. что:* **~ радиоста́нцию** радиостанция бугеб бакI лъазабизе (кквезе)

ПЕЛЁН//КА *ж* пелёнка, тIинакькквел, хахулеб лъимер гъорлъ жемулеб гьитIинаб шаршав ◊ **с ~ок** гьитIинаб мехалдаса нахъего

ПЕЛИКА́Н *м зоол.* пеликан *(кIудияб лъадалъ букIунеб хIинчI)*

ПЕЛЬМЕ́//НИ *мн.* (*ед.* **~нь** *м*) цIурахинкIал, гьаналъхинкIал

ПЕ́МЗА *ж* лъадагьецIо

ПЕ́Н//А *ж* полоп; **мы́ льная ~а** сапнал полоп ◊ **с ~ой у рта** цIакъ гъираялда, шавкъ щун

ПЕНА́Л *м* къалантIар

ПЕНЁК *м уменьш. от* **пень**

ПЕ́НИ//Е *с* (*по гл.* **петь**) кечI ахIи; **уро́к ~я** кечI ахIиялъул дарс, кочIол дарс

ПЕ́НИСТ//ЫЙ, -ая, -ое полоп бараб, полпихараб

ПЕ́НИТЬ *несов.* полоп базабизе, полоп тIаде бачIинабизе

ПЕ́НИ//ТЬСЯ *несов.* полоп базе; **пи́ во ~тся в кру́жке** кружкаялъуб пивоялда полоп бала

ПЕ́Н//КА *ж* тIорахь (*рахьдада ккараб*) ◊ **снима́ть ~и** лъикIабщинаб жо жиндиего босизе

ПЕ́ННИ *с нескл.* пенни (*Финляндиялъул гIисинаб гIарац, маркаялъул нусил бутIа*)

ПЕНОПЛА́СТ *м* тIадагьаб картIахараб, полоп гIадаб пластмасса (макъар)

ПЕНС *м* пенс (*Англиялъул гIисинаб гIарац*)

ПЕНСИОНЕ́Р *м* пенсионер (*пенсиялда вугев чи*)

ПЕНСИОНЕ́РКА *ж* пенсионерка (*пенсиялда йигей гIадан*)

ПЕНСИО́ННЫЙ, -ая, -ое пенсиялъул(аб); **~ая кни́жка** пенсиялъул книжка; **~ый возра́ст** пенсиядул ригь (пенсия щвезе кколеб ригь)

ПЕ́НСИ//Я *ж* пенсия (*цо хасаб ригьалде рахинегIан хIалтIаразе, инвалидазе... пачалихъалъ щибаб моцIалъе кьолеб гIарац*); **вы́ йти на ~ю** пенсиялде ине

ПЕНСНЕ́ *с нескл.* пенсне (*гIиндараял гьечIел цIороберал*)

ПЕНЬ *м* хIехь ◊ **стоя́ть как ~** хIехь гIадин чIезе, вагъаричIого чIезе

ПЕНЬКА́ *ж* габанидул хъал, габанидул кун-квар

ПЕ́Н//Я *ж* гIакIа; **начисле́ние ~ей** тIаде гIакIа жубай

ПЕНЯ́ //ТЬ *несов. на кого-что разг.* тузе; жойиде гьавичIого тезе ◊ **~й на себя́** дудего туй, дудего гьабе гIайиб

ПЕ́П//ЕЛ *м* мухIур; **обрати́ ть в ~ел** мухIуралде сверизабизе, бухIизе, къвагъизе; **обрати́ ться в ~ел** мухIуралде сверизе

ПЕПЕЛИ́ ЩЕ *с* 1) (*место пожара*) цIа ккараб бакI 2) *перен.* (*родной очаг*) вижараб рукъ, инсул мина

ПЕ́ПЕЛЬНИЦА *ж* рахъукIутI

ПЕ́ПЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое 1) рахъдал(аб) 2) (*о цвете*) рахъдакьераб; **~ые во́лосы** рахъдакьераб рас

ПЕПСИ-КО́ЛА *ж* пепси-кола

ПЕРВЕ́ЙШ//ИЙ, -ая, -ее *разг.* тIоцебесеб; **~ая зада́ча** тIоцебесеб, бищунго цебесеб масъала

ПЕ́РВЕНЕЦ *м* 1) (*о ребенке*) тIоцебесеб лъимер 2) *перен.* бищун цебе гьабураб жо (*хIалтIи ва гь. ц.)*

ПЕ́РВЕНСТВ//О *с* къец, тIоцебесеб бакIалъе гIоло гьабулеб къец; **завоева́ть ~о** тIоцебесеб бакI кквезе ◊ **па́льма ~а** (*киназдаго тIад тIокIлъи бихьизабун щвараб*) тIоцебесеб бакI

ПЕ́РВЕНСТВОВАТЬ *несов.* тIоцебесеб бакI кквезе, чIел босизе

ПЕРВИ́ ЧНОСТЬ *ж* авалияблъи, тIоцебесеблъи

ПЕРВИ́ ЧН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*исходный*) авалияб, тIоцебесеб; **~ая обрабо́тка** тIоцебесеб къачIай 2) (*основной*) аслияб; **~ые половы́е при́знаки** аслиял жинсиял гIаламатал 3) (*низовой*) байбихьул; **~ая парти́йная организа́ция** партиялъул байбихьул организация

ПЕРВОБЫТНООБЩИ́ ННЫЙ, -ая, -ое: ◊ **~ строй** гIадамазул тарихалда букIараб тIоцебесеб социалиябгун экономикияб формация

ПЕРВОБЫ́ТН//ЫЙ, -ая, -ое инсаниятIалъул тарихалъул цIакъго цебесеб заманалда хурхараб

ПЕ́РВОЕ *с* (*блюдо*) цебеквен, цебе кваналеб квен (*чурпа, борщ, гьагIу...*); **пода́ть на ~ борщ** цебеквенальe борщ кьезе

ПЕРВОИСТО́ЧНИК *м кинаб бугониги* лъаялъул, теория-лъул тIоцебесеб аслу

ПЕРВОКЛА́ССНИК *м* тIоцебесеб классалъулав, тIоцебесеб классалъул цIалдохъан

ПЕРВОКЛА́ССНИЦА *ж* тIоцебесеб классалъулай, тIоцебесеб классалъул цIалдохъан

ПЕРВОКЛА́ССН//ЫЙ, -ая, -ое бищун лъикIаб

ПЕРВОКУ́ РСНИЦА *ж* тIоцебесеб курсалъул студентка

ПЕРВОМА́ЙСК//ИЙ, -ая, -ое ТIоцебесеб маялъул; **~ая демонстра́ция** ТIоцебесеб маялъул демонстрация

ПЕ́РВО-НА́ПЕРВО *нареч. разг.* тIоцебего, байбихьудаго, бищунго цебе, сундасаго цебе

ПЕРВОНАЧА́ЛЬНО *нареч.* байбихьуда, авалалдаго

ПЕРВОНАЧА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*самый первый*) тIоцебесеб, байбихьулаб; цебе букIараб, цебесеб; **~ый план** тIоцебесеб план 2) (*прежний*) цебесеб 3) (*элементарный*): **са́мые ~ые све́дения** бищунго гIадатиял баянал 4): **~ые чи́ сла** *мат.* тIоцересел рикIкIенал (тарихал)

ПЕРВООСНО́ВА *ж* аслу, кьучI; **~ жи́ зни** гIумруялъул аслу

ПЕРВООТКРЫВА́ТЕЛЬ *м* гIелмуялда тIоцебе цIияб жо рагьарав чи, гIелмуялъе кьучI лъурав чи; тIоцебе цIияб ракь, цIияб улка, циял магIданал рахъулел бакIал ратарав (рагьарав) чи

ПЕРВООЧЕРЕДНО́Й, -а́я, -о́е, **первоочерёдный,** -ая, -ое тIоцебесеб иргаялда гьабизе кколеб, тIоцебесеб иргаялъулаб; **первоочередна́я зада́ча** тIоцебесеб иргаялъулаб масъала, бищунго кIвар бугеб масъала

ПЕРВОПРИЧИ́ НА *ж* тIоцебесеб гIилла, аслияб гIилла

ПЕРВОПУ́Т//ОК *м разг.* гIазудасан бахъараб тIоцебесеб нух; **е́хать по ~ку** гIазудасан бахъараб тIоцебесеб нухдасан ине

ПЕРВОРАЗРЯ́ДНИК *м* тIоцебесеб разряд бугев чи, тIоцебесеб разрядалъулав, тIоцебесеб разрядалъул спортсмен

ПЕРВОРАЗРЯ́ДНИЦА *ж* тIоцебесеб разряд бугей гIадан, тIоцебесеб разрядалъулай, тIоцебесеб разрядалъул спортсменка

ПЕРВОРАЗРЯ́ДНЫЙ, -ая, -ое тIоцебесеб разрядалъул; **~ рестора́н** тIоцебесеб разрядалъул ресторан (бищунго лъикIаб, цIакъаб ресторан)

ПЕРВОСО́РТН//ЫЙ, -ая, -ое тIоцебесеб сорталул; **~ая мука́** тIоцебесеб сорталъул ролъ (*ххараб, хханжу*)

ПЕРВОСТЕПЕ́НН//ЫЙ, -ая, -ое кIудияб кIвар бугеб; тIоцебесеб даражаялъул; **де́ло ~ой ва́жности** цIакъ кIвар бугеб иш

ПЕРВОТЁЛКА *ж* тIоцебе къинлъараб гIака, гIачIар-гIака

ПЕ́РВ//ЫЙ, -ая, -ое **1.** *числ.*: **~ый класс** тIоцебесеб класс **2.** *прил.* 1) (*первоначальный*): **~ое впечатле́ние** тIоцебесеб асар; **~ое вре́мя** тIоцебесеб (байбихьулаб) заман; **~ые цветы́** тIоцересел тIугьдул 2) (*лучший*): **~ый учени́к** тIоцевесев (бищун лъикIав) цIалдохъан; **~ый сорт** тIоцебесеб сорт 3) (*главный*) аслияб; **игра́ть ~ые ро́ли** аслиял ролал хIазе **3.** *в знач. сущ.* **~ый** *м* тIоцевесев ◊ **~ый встре́чный** данде ккарав тIоцевесев; **~ая по́мощь** *(тохтир тIаде щвезегIан гьабураб кумек)* тIоцебесеб кумек; **~ый попа́вшийся** бищун гIагардегIан ватарав; **~ые шаги́** тIоцересел галаби, тIоцересел хIалбихьиял

ПЕРГА́МЕНТ *м* пергамент (1 *некIо заманалда кагътил бакIалда хIалтIизабулеб букIараб хасаб къагIидаялъ къачIараб къехъ*; 2 *пергаменталда хъвараб асар;* 3 *лъим, нах гьорлъан биччалареб хасаб кагъат)*

ПЕРГА́МЕНТНЫЙ, -ая, -ое 1) пергаменталъул, пергаменталъул гьабураб 2) *перен.* тIогьилаб бакъвараб тIомалда релълъараб (*гьумер*)

ПЕРЕ- *приставка*; 1) *щибниги иш цIидасан такрар гьабиялъул магIна*: **пересказа́ть** цIидасан бицине; 2) *цIикIкIун ккеялъул магIна*: **пересоли́ ть** цIамхIаллъизе; 3) *цо бакI къотIун, дорехун иналъул магIна*: **переплы́ть** лъедон довехун вахине; 4) *иш гIемер гьабиялъул магIна*: **переби́ть** гIемерал гъуризе; **перелови́ть** гIемерал кквезе

ПЕРЕАДРЕСОВА́ТЬ *сов. что* (*адрес хисизе*) батIияб адресалда битIизе

ПЕРЕАДРЕСО́ВЫВАТЬ *несов. см.* **переадресова́ть**

ПЕРЕБАЗИ́ РОВАТЬ *сов. что* база хисизе, батIияб базаялде гочинабизе

ПЕРЕБАЗИ́ РОВАТЬСЯ *сов.* батIияб базаялде гочине

ПЕРЕБА́РЩИВАТЬ *несов. см.* **переборщи́ ть**

ПЕРЕБЕГА́ТЬ *несов. см.* **перебежа́ть**

ПЕРЕБЕЖА́ТЬ *сов.* 1) *что, через что* цо бакI къотIун векеризе; **~ че́рез у́лицу** къватI къотIун векеризе 2) (*перейти на сторону врага*) тушманасул рахъалде ине ◊ **~ доро́гу** *кому-л. лъие бугониги* квалквал гьабизе

ПЕРЕБЕ́ЖЧИК *м* 1) (*изменник*) тушманасул рахъалде тIурарав (лъутарав) 2) *перен.* хиянатчи

ПЕРЕБЕ́ЖЧИЦА *ж* тушманасул рахъалде лъутун арай, лъутарай

ПЕРЕБИВА́ТЬ *несов. см.* **переби́ ть**

ПЕРЕБИВА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **переби́ ть(ся)**

ПЕРЕБИНТОВА́ТЬ *сов. кого-что* цIидасан катан къазе (бухьине); **~ но́гу поту́же** хIатIида цIидасан къазабун катан бухьине

ПЕРЕБИНТО́ВЫВАТЬ *несов. см.* **перебинтова́ть**

ПЕРЕБИРА́//ТЬ *несов.* 1) *см.* **перебра́ть** 2) *что* (*теребить*) гIисинккун цIа-цIазе 3) *чем и без доп.* иргадал хьвагIезаризе; **ребёнок ~ет но́жками и ру́чками** лъимералъ иргадал боздулги квералги хьвагIезарулел руго

ПЕРЕБИРА́ТЬСЯ *несов. см.* **перебра́ться**

ПЕРЕБИ́ТЬ *сов.* 1) *кого-что* (*убить многих*) гъуризе, чIвазе; **~ враго́в** тушбаби гъуризе 2) *что* (*разбить многое*) гъур-гъурун базе; **~ посу́ду** цIарагI гъурун базе 3) *что* (*сломать*) бекизе; **~ ру́ку** гъеж бекизе 4) *кого-что (прервать*) гьоркьоб къотIизабизе; **~ речь** калам (кIалъай) гьоркьоб къотIизабизе 5) *что (вбить в другое место*) цоги бакIалда кьабизе; **~ гвоздь** магI цоги бакIалда кьабизе 6) *что (взбить заново)* цIидасан кIобокIизе, бухизе; **~ поду́шку** къандалъо цIидасан бухизе (бухун тамах гьабизе) 7) *что (обить заново)* цIидасан тIад жо кквезе; **~ всю ме́бель** кинабго мебелалда цIидасан тIад жо кквезе

ПЕРЕБИ́ //ТЬСЯ *сов.* 1) гъурун лъугIизе, бекизе; **вся посу́да ~лась** кинабго цIарагI гъурун лъугIана 2) *разг.* (*с трудом прожить*) хIаллица бетIербахъи гьабизе

ПЕРЕБО́//Й *м* 1) гьоркьо-гьоркьоб хьадарлъи; **пульс с ~ями** гьоркьо-гьоркьоб хьадарлъулеб бидул кьаби 2) гьоркьоб къотIи, лъалхъари; **рабо́та с ~ями** гьоркьоб къотIарулеб хIалтIи

ПЕРЕБОЛЕ́ТЬ *сов. чем и без доп.* цIидасан унтизе; гIемерал унтабаз унтун вахъине; унтунго-унтун вукIине

ПЕРЕБО́Р *м* **1.** (*по гл.* **перебира́ть**) иргадал цо кьерда ругел жалазда хъвай (кIутIи); хъвалаго (кIутIулаго) бахъунеб гьаракь **2.** (*излишек*) тIокIлъи́, ккколелдаса цIикIкIун босараб къадар

ПЕРЕБО́РКА *ж* **1.** (*по гл.* **перебра́ть**) 1) (*пересмотр, разборка*) цIидасан хал гьаби, гьоркьоб лъей 2) батIа гьаби, тIаса бищи; **~ я́ блок** гIеч батIа гьаби, 3) *полигр.* цIидасан бищи **2.** (*перегородка*) гьоркьосан къед лъей, гьоркьоса къотIи **3.** тIокIлъи

ПЕРЕБОРО́ТЬ *сов.* 1) *разг.* къезавизе; **~ врага́** тушман къезавизе (бергьенлъи босизе) 2) *что перен.* (*превозмочь*) **~ уста́лость** свакалдаса бергьине, свак чIвазе; **~ страх** хIинкъи жанибго гьанкъизабизе, къинабизе, къезабизе; **~ всех сопе́рников** киналго дандеял къезаризе

ПЕРЕБОРЩИ́ТЬ *сов. разг.* цIикIкIине, гIоркьихъа борчIизе ◊ **~ в похвала́х** цIикIкIун рецц-бакъ гьабизе (зани бегизабизе; тIасан ккезе)

ПЕРЕБРА́НКА *ж разг.* семи, рогьрагъин, цоцазде хьандей

ПЕРЕБРА́СЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **перебро́сить(ся)**

ПЕРЕБРА́ТЬ *сов.* 1) *что* (*пересмотреть*) цIидасан тIаса бищизе; цо-цоккун кодобе босун, балагъизе; гелизе; **~ пи́сьма** кагътал гелизе 2) *что* (*сортируя, отобрать*) батIа гьабизе, бищизе; **~ рис** пиринчI бищизе, сортал гьаризе 3) *кого-что перен. (вспомнить)* ракIалде щвезабизе (бачIинабизе); **~ в па́мяти собы́тия** лъугьа-бахъинал ракIалде щвезаризе 4) *что разг. (разобрать)* биххизе, бахъ-бахъизе; **~ механи́зм часо́в** сагIтил ургьимес цоцалъа бахъизе 5) *что полигр.* цIидасан бищизе; **~ строку́** мухъ цIидасан бищизе 6) *что, чего (взять лишнее)* цIикIкIун босизе; **~ това́ров сверх но́рмы** къайи ккколелдаса (нормаялдаса) цIикIкIун босизе

ПЕРЕБРА́ТЬСЯ *сов. разг.* 1) *куда, через что* дорехун рахине, ине, рахъизе; **~ на другóй бéрег** доб цояб рагIалде рахине 2) (*переселиться*) гочине, рахъине; **~ на но́вую кварти́ру** цIияб рокъоре рахъине

ПЕРЕБРОДИ́ //ТЬ *сов.* I. (*стать крепким*) цIикIкIун беччизе; **вино́ ~ло** чагъир цIикIкIун беччун буго (беччудаса ун буго) 2. *(прокиснуть)* цIеклъизе 3. гIемер тира-сверизе, кивего щвезе

ПЕРЕБРОСА́ТЬ *сов.* рехизе; **~ все дрова́ в сара́й** кинабго цIул гьоробе рехизе

ПЕРЕБРО́СИТЬ *сов.* 1) *кого-что через что сунданиги* тIасан рехизе; **~ мяч че́рез забо́р** торгIо чалиялда тIасан рехизе; **~ мешо́к че́рез плечо́** къандалъо гIеждасан рехизе 2) *что (бросить дальше, чем нужно*) ккколелдаса добегIан рехизе 3) *что через что (для переправы*) цо бакI къотIун лъезе; **~ мост че́рез реку́** гIордасан кьо лъезе 4) *кого-что (переместить*) цо бакIалдаса цогиялъубе рехизе; **~ войска́ на ю́жный фронт** аскарал югалъул фронталде рехизе

ПЕРЕБРО́СИ//ТЬСЯ *сов.* 1) (*переместиться*) цо бакIалдаса цогиялъубе жибго ине; **ого́нь ~лся на сосе́дние дома́** цIа маругьалихъ ругел рукъзабаздеги ана (рекIана) 2) (*бросить друг другу*) цоцахъе рехизе; **~ться мячо́м** торгIо цоцахъе рехизе 3) *перен.* абизе; **~ться с кем-л. не́сколькими слова́ми** лъиданиги цо чанго рагIи абизе, цоцазде рагIаби рехизе

ПЕРЕБРО́СКА *ж* (*по гл.* **перебро́сить**) гочин, гочинаби, цо бакIалдаса цогиялъубе бачин, рехи; **~ войск** аскар цоги бакIалде рехи

ПЕРЕВА́Л *м* **1.** (*по гл.* **перевали́ть**) беги **2.** мугIрул габурлъи; **доро́га че́рез** ~ мугIрул габурлъиялдасан бугеб нух

ПЕРЕВА́ЛИВАТЬ *несов. см.* **перевали́ ть**

ПЕРЕВА́ЛИВАТЬСЯ *несов.* 1) *см.* **перевали́ ться** 2) (*при ходьбе*) цояб рахъалде шапизе, цинкIизе

ПЕРЕВАЛЙ//ТЬ *сов.* 1) *что* (*свалить*) бегизабизе, чIвазабизе, рехизабизе; **~ть мешки́ с маши́ны на воз** къандалъаби машинаялдаса гьакиде чIвазаризе (рехизе) 2) *что, через что* бегизе; **~ть че́рез го́рный хребе́т** мугIрул щоб бегизе 3) *безл. разг.* (*о времени, о возрасте*) гIуждаса ине; **~ло за по́лночь** сордо баща-лъудаса ана; **ему́ ~ло за во́семьдесят** гьес ункъого соналдасаги бана 4) *что* (*перевернуть что-л. тяжелое*) чIвазабизе, бегизабизе

ПЕРЕВАЛИ́ ТЬСЯ *сов.* 1) цояб рахъалде щапизе, чIван ине, бегизе; **~ че́рез забо́р** заборалдасан добехун чIван ине 2) *разг.* цогияб рахъалде вуссине; сверизе; **~ на другóй бок** цогияб хьибилалде сверизе, хьибил хисизе

ПЕРЕВА́РИВА//ТЬ *несов. см.* **перевари́ ть** ◊ **я его́ не ~ю** дида гьев хIехьезе кIоларо; **не ~ть** *кого-чего-л. щив вугонигищиб бугониги* хIехьонгутIизе

ПЕРЕВА́РИВАТЬСЯ *несов. см.* **перева́риться**

ПЕРЕВАРИ́ТЬ *сов. что* 1) (*заново*) цIидасан гьалдезабизе, белъинабизе; ~ **засахари́ вшееся варе́нье** чакар лъугьараб мурапа цIидасан гьалдезабизе 2) (*слишком долго*) гIемераб мехалъ бе-лъинабизе, гьализабизе; ~ **мя́со** гьан гIемераб мехалъ белъинабизе 3) (*усвоиться при пищеварении*) бихIине, регьине

ПЕРЕВЕЗТИ́ *сов. кого-что* 1) (*в другое место*) цо бакIалдаса цогиялъубе босизе (баччизе) (*гьакица, чоца, машинаялъ*) 2) (*через что-л.*) тIасан, къотIун босизе; ~ **че́рез ре́ку** гIор къотIун босизе

ПЕРЕВЕРНУ́ ТЬ *сов.* 1) *кого-что* (*бегуниса*) сверизабизе, кIалагьоркье буссинабизе, бегизабизе; ~ **ра́неного** лъукъарав цояб рахъалде сверизавизе; ~ **кувши́ н с молоко́м** рахьдал хъаба кIалагъоркье буссинабизе 2) *что (переворошить)* хъирщизе, жуба-гъубазабизе; ~ **все бума́ги в столе́** столалъур киналго кагътал жура-гъуразаризе 3) *что перен. разг. (резко изменить)* хисизабизе ◊ ~ **всё вверх дном** кинабго жо, тIинуги эхеде гьабун, лъезе (бегуниса бахъизе)

ПЕРЕВЕРНУ́ //ТЬСЯ *сов.* 1) сверизе, буссине; ~**ться с бо́ку на бок** хьибилалдаса хьибилалде сверизе (хьибил хисизе) 2) (*опрокинуться*) рехун ине, бегизе; **ло́дка ~лась** раса бегана 3) *что перен. разг. (резко измениться*) хехго хисизе

ПЕРЕВЁРТЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **переверну́ть(ся)**

ПЕРЕВЕ́С *м* (*превосходство*) цIавулъ тIокIлъи, цIикIкIел, тIокIлъи; **чи́сленный ~** рикIкIеналъулъ тIокIлъи; ~ **на на́шей стороне́** тIокIлъи нижер рахъалда буго ◊ **взять ~** *в чем-л. сундулъниги* тIокIлъи босизе

ПЕРЕВЕ́СИТЬ *сов.* 1) *что* (*повесить на другое место*) цоги (батIияб) бакIалда базе; ~ **карти́ ну** сурат батIияб бакIалда базе 2) *кого-что* (*взвесить заново*) цIидасан цIазе; ~ **груз** юк цIидасан цIазе 3) *кого-что (перетянуть весом)* цIавулъ бергьине 4) *что и без доп. перен. разг. (получить перевес*) тIокIлъи щвезе

ПЕРЕВЕ́СИТЬСЯ *сов. через что* дализе; ~ **че́рез пери́ла** рагъидул бурдиялдасан дализе, далун букIине

ПЕРЕВЕСТИ́ *сов.* 1) *кого-что* цо бакIалдаса цогиялде ккун вачине (бачине) кумек гьабизе 2) цо бакIалдаса цогиялъуб лъезе, цогиялъубе бачине; цоги хъулухъалде тIамизе; тIасияб классалде, курсалде вахъизе 3) берал цоги рахъалде руссинаризе 4) битIизе (*почалдасан, телеграфалдасан, банкалдасан*) 5) буссинабизе (*цо мацIалдаса цогиялде*) 6) цоялдаса цогиялде бахъизе (*сурат*) 7) *разг.* гъуризе, тIагIинабизе; гIадада хвезабизе

ПЕРЕВЕСТИ́СЬ *сов.* 1) (*куда-л.*) цо бакIалдаса яги хъулухъалдаса цогидалде лъугьине; ~ **на рабо́ту в друго́й го́род** батIияб шагьаралда хъулухъалде лъугьине 2) *разг. (кончиться)* тIагIине, лъугIизе 3) (*о рисунке и т.п.*) *сурат* цо материалалдаса цогиялде босизе

ПЕРЕВЕ́ШАТЬ *сов.* 1) *что разг.* цIидасан базе; ~ **все бельё** кинабго белье цIидасан бакъвазе базе (*кварида*) 2) *кого (казнить)* кварида вазе (*гьанкъизе)* 3) *что (взвесить многое)* кинабго цIазе; ~ **весь хлеб** кинабго чед цIазе 4) *что разг.* (*взвесить заново*) цIидасан цIазе

ПЕРЕВЕ́ШИВАТЬ *несов. см.* **перевесить, перевешать**

ПЕРЕВЕ́ШИВАТЬСЯ *несов. см.* **перевеситься**

ПЕРЕВИДА́//ТЬ *сов. кого-что разг.* гIемераб жо бихьизе; **он мно́го ~л на своём веку́** жиндирго гIумруялда гIемераб жо бихьана гьесда

ПЕРЕВИРА́ТЬ *несов. см.* **перевра́ть**

ПЕРЕВО́Д *м* **1.** 1) (*по гл.* **перевести́**) бачин, гочинаби 2) (*на другой язык*) буссинаби; таржама; буссинабураб текст **2**. (*денежное отправление*) битIун бачIараб гIарац; **получи́ть телегра́фный ~ на две́сти рубле́й** телеграфалдалъул (телалдалъун) битIараб кIинусго гъурущ гIарац щвезе **3.** *вагонал цо нухдаса цогиялде рачине лъураб* рельсазул нух

ПЕРЕВОД//И́ТЬ *несов. см.* **перевести́** ◊ **не ~я дыха́ния** циндаго, квекIен ккечIого, хIинцлъизабичIого

ПЕРЕВОДИ́ ТЬСЯ *несов. см.* **перевести́сь**

ПЕРЕВОДН//О́Й, -ая, -ое: **~а́я бума́га** чIегIераб кагъат (копировка); **~ы́е карти́нки** цогиялдасан рахъулел суратал (*мIад чIван*)

ПЕРЕВО́ДНЫЙ, -ая, -ое 1) (*для передачи денег*) переводалъул, перевод гьабулеб (битIулеб); ~ **бланк** почалда гIарац битIизе цIолеб бланк 2) (*с языка на язык*) буссинабураб (*цо мацIалдаса цогиялде*)

ПЕРЕВО́ДЧИК *м* тилмач, таржамачи, буссинабурав

ПЕРЕВО́ДЧИЦА *ж* тилмач, буссинабурай

ПЕРЕВО́З *м* **1.** (*по гл.* **перевезти́**) баччи **2.** (*место переправы*) бурамалда, росода гIордасан дорехун рахунеб бакI **3.** бурам

ПЕРЕВОЗИ́ ТЬ *несов. см.* **перевезти́**

ПЕРЕВО́ЗКА *ж см.* **перево́з**; ~ **гру́зов** къайи баччи, кира баччи

ПЕРЕВО́ЗЧИК *м* киричи; бурамалъ, расаялъ гIордасан къайи баччулев чи

ПЕРЕВОЛНОВА́ТЬСЯ *сов. разг.* рахIат хун лъугьине

ПЕРЕВООРУЖА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **перевооружи́ ть(ся)**

ПЕРЕВООРУЖЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **перевооружи́ть**) цIияб яргъидалъун хьезаби **2.** (*по гл.* **перевооружи́ться**) цIияб яргъидалъун хьун букIин

ПЕРЕВООРУЖИ́ ТЬ *сов. кого-что* 1) цIидасан яргъид гIуцIизе; ~ **а́рмию** армия цIидасан яргъид гIуцIизе, цIияб яргъидалъун хьезабизе 2) (*орудиями труда и т.п.*) хIалтIул алатаздалъун цIидасан хьезаризе

ПЕРЕВОПЛОТИ́ТЬ *сов. кого-что* гIумруялде бахъинабизе; цIияб формаялде ккезабизе, цIидасан батIияб куцалде, сураталде ккезабизе

ПЕРЕВОПЛОТИ́ //ТЬСЯ *сов.* цIияб формаялде ккезе; хисизе; **арти́ст соверше́нно ~лся в э́той ро́ли** гьеб ролалда артист цIакъго батIайиса хIана, гьеб роль артистас цIакъго батIайиса хIана

ПЕРЕВОПЛОЩА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **перевоплоти́ ть(ся)**

ПЕРЕВОПЛОЩЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **перевоплоти́ ть**) гIумруялде бахъинаби **2.** (*по гл.* **перевоплоти́ться**) цIияб формаялде ккей, хиси

ПЕРЕВОРО́Т *м* **1.** (*резкий перелом*) хехаб беки́ , хиси́ ; **душе́вный ~** рухIияб хиси́ ; ~ **в нау́ке** гIелмуялда ккараб хехаб хиси́ **2.** *полит. (изменение)* хиса-свери; **госуда́рственный ~** пача-лихъалъулаб хиса-свери

ПЕРЕВОСПИТА́НИЕ *с* цIидасан куцай, цIияб тарбия кьей

ПЕРЕВОСПИТА́ТЬ *сов. кого-что* цIидасан куцазе, цIияб тарбия кьезе; ~ **подро́стка** гIолилав цIидасан куцазе, тарбия кьезе

ПЕРЕВОСПИТА́ТЬСЯ *сов.* цIидасан тарбия щвезе, цIидасан ругьунлъизе

ПЕРЕВОСПИ́ ТЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **перевоспита́ть(ся)**

ПЕРЕВРА́ТЬ *сов. что разг.* мекъи бицине, сверизабун бицине

ПЕРЕВЫБИРА́ТЬ *несов. см.* **перевы́ брать**

ПЕРЕВЫ́БОРН//ЫЙ, -ая, -ое цIидасан рищулеб; **~ое собра́ние** цIидасан рищулеб (цIияб рищи гьабулеб) собрание (данделъи)

ПЕРЕВЫ́БОРЫ *мн.* цIидасан ри́щи, цIияб рищи́; ~ **местко́ма** бакIалъулаб комитет цIидасан би́щи

ПЕРЕВЫ́ БРАТЬ *сов. кого-что* цIидасан вищизе

ПЕРЕВЫПОЛНЕ́НИЕ *с* тIокIборчIунги тIубазаби; ~ **пла́на** план тIокIборчIунги тIубазаби

ПЕРЕВЫ́ ПОЛНИТЬ *сов. что* тIокIборчIунги тIубазабизе

ПЕРЕВЫПОЛНЯ́ ТЬ *несов. см.* **перевы́ полнить**

ПЕРЕВЯЗА́ТЬ *сов.* 1) *кого-что* бухьине; ~ **ра́ну** ругъун бухьине; ~ **ра́неного** лъукъарасул ругъун бухьине (*ругънада катан къазе, жемизе*) 2) *что* (*веревкой и т.д.*) кварица бухьине; ~ **чемода́н** чемодан (*кварища*) бухьине 3) *что* (*заново завязать*) цIидасан бухьине; ~ **шарф** шарф цIидасан бухьине 4) (*связать заново*) цIидасан хьухьине; ~ **чуло́к** швата цIидасан хьухьине 5) *кого-что* (*связать многое*) цадахъ къан бухьине (рухьине)

ПЕРЕВЯЗА́ТЬСЯ *сов.* 1) (*наложить себе перевязку*) жиндирго ругъун бухьине, жиндирго ругънада катан къазе 2) *разг.* (*обвязаться по поясу*) рачлихъа вухьине

ПЕРЕВЯ́ ЗКА *ж* **1.** (*по гл.* **перевяза́ть**) 1) бухьин, катан къай; ~ **ра́ны** ругъун бухьин, ругънада катан къай 2) цИдасан хьухьин **2.** (*повязка*) чIорто, катан; **с кра́сной повя́ зкой на руке́** гъажалда багIараб чIортоги бухьун (багIараб чIортогун)

ПЕРЕВЯ́ЗОЧН//ЫЙ, -ая, -ое **1.** ругънал рухьине хIалтIизабулеб; **~ый материа́л** ругънал рухьине хIалтIизабулеб материал (сурсат) **2.** *в знач. сущ.* **~ая** *ж* ругънада катан къалеб рукъ

ПЕРЕВЯ́ ЗЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **перевяза́ть(ся)**

ПЕРЕГИ́Б *м* **1.** (*по гл.* **перегну́ть**) гьетIи, сукIи, кIичIи, гьетIари **2.** (*линия сгиба*) сукIел **3.** *перен.* тIасанккей, зани бегизаби; **не допуска́ть ~ов в руково́дстве** нухмалъиялъулъ тIасанккей биччангутIизе

ПЕРЕГИБА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **перегну́ть(ся)**

ПЕРЕГЛА́ДИТЬ *сов. что* 1) (*заново*) цИдасан битIизабизе, цИдасан иту бахъизе 2) (*многое*) кинабго битIизабизе, киналдаго иту бахъизе

ПЕРЕГЛА́ЖИВАТЬ *несов. см.* **перегла́дить**

ПЕРЕГЛЯ́ ДЫВАТЬСЯ *несов. см.* **перегляну́ть**

ПЕРЕГЛЯНУ́ ТЬСЯ *сов.* цоцазда бер речIчIизабизе

ПЕРЕГНА́ТЬ *сов.* 1) *кого-что* (*на другое место*) батIияб бакIалде бачине; ~ **скот за Те́рек** боцIи Терекалъул доб рахъалде бачине 2) *кого-что (обогнать)* цеве кIанцIизе, ккезе; нахъа тезе; ~ **вса́дника** рекIарасдаса цеве ккезе 3) *кого-что перен. (превзойти)* бергьине 4) *что* ~ багIаризабун биххизабизе, бикьизабизе; **нефть** чIегIернарт багIаризабун биххизабизе, бикьизабизе

ПЕРЕГНИВА́ТЬ *несов. см.* **перегни́ ть**

ПЕРЕГНИ́ //ТЬ *сов.* 1) цIаккине; **навóз ~л** рак цIаккана 2) *разг. (прогнить)* цо бакIалдаса туризе; турун батIалъизе; **верёвка ~ла** квар турун тIун ана

ПЕРЕГНО́Й *м* цIаккел

ПЕРЕГНУ́ ТЬ *сов.* 1) *что* сукIизе, кIичIвазе; кIичIизабизе; ~ **лист бума́ги попола́м** кагътил тIамач кIичIвазе 2) *перен. разг.* гIорхъолъа борчIизе, тIасан ккезе ◊ ~ **па́лку** зани бегизабизе, тIасан ккезе

ПЕРЕГНУ́ТЬСЯ *сов.* сукIун ине, кIичIван ине, кIичIизе, гьетIизе~ **че́рез пери́ ла** бурдиялдасан кIичIван къулизе

ПЕРЕГОВА́РИВАТЬСЯ *несов. с кем щивгуннигu* гаргадизе, кIалъа-ралъазе

ПЕРЕГОВОРИ//ТЬ *сов.* 1) *с кем и без доп. лъилгуннигu* кIалъа-ралъай гьабизе, кIалъазе; ~ **по телефо́ну** телефоналъ кIалъазе 2) *что и без доп. разг. (о многом)* гара-чIваризе, хабар бицине, хабар-кIалалда рукIине; 3) *кого разг.* гаргадун къезавизе; **его́ не ~шь** гаргадун гьесдаса бергьинаро

ПЕРЕГОВО́РНЫЙ, -ая, -ое; ~ **пункт** телефоналъ кIалъазе унеб бакI (пункт)

ПЕРЕГОВО́РЫ *мн.* кIалъа-ралъай, гара-чIвари; ~ **о перемúрии** рекъел гьабиялъул хIакъалъулъ гара-чIвари; *цо кинаб бугониги суалалда тIасан* пикру (гIакълу) дандбай; ~ **по телефо́ну** телефоналъ гара-чIвари; **вести́** ~ гара-чIвари гьабизе

ПЕРЕГО́Н *м* **1.** (*по гл.* **перегна́ть**) гочин, цо бакIалдаса цогиялъубе бачин; 2. (*участок пути*) кIиго станциялда гьоркьоб бугеб маххулнух

ПЕРЕГО́НКА *ж хим., тех.* рагIаризе яги гьализе гьарун лъамиял вещественаби рикьизари (риххизари)

ПЕРЕГОНЯ́ ТЬ *несов. см.* перегна́ть

ПЕРЕГОРА́ЖИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **перегороди́ ть(ся)**

ПЕРЕГОРА́ТЬ *несов. см.* перегоре́ть

ПЕРЕГОРЕ́//ТЬ *сов.* 1) бухIизе; **ла́мпочка ~ла** чирахъ бухIана 2) (*сгнить*) туризе; цIаккине; **навóз ~л** рак цIаккун буго

ПЕРЕГОРОДИ́ТЬ *сов. что* къазе, гьоркьоса къотIизе; ~ **ко́мнату** рукъ гьоркьоса къотIизе

ПЕРЕГОРОДИ́ТЬСЯ *сов. разг.* нахъе кIанцIун чIезе, ба-тIаго чIезе

ПЕРЕГОРО́ДКА *ж* къотIел; **я́ щик с ~ми** къотIалаби ругеб хъурщи

ПЕРЕГРЕ́В (*по гл.* **перегре́ть**) цИкIкIун багIаризаби; ~ **котла́** хъазан цИкIкIун багIаризаби; цИкIкIун багIари

ПЕРЕГРЕВА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **перегре́ть(ся)**

ПЕРЕГРЕ́ТЬ *сов. что* цIакъ бухIизабизе; багIаризабизе; ~ **молоко́** рахъ цIакъ бухIизабизе; ~ **мото́р** мотор багIаризабизе

ПЕРЕГРЕ́//ТЬСЯ *сов.* цIакъ бухIизе; багIаризе; **мото́р ~лся** мотор багIарана; **утю́г ~лся** иту багIарана; **~ться на со́лнце** бакъукь(ца) вухIизе

ПЕРЕГРУЖА́ТЬ *несов. см.* **перегрузи́ ть**

ПЕРЕГРУ́ЖЕННОСТЬ, перегружённость *ж* тIад къайи (юк) гIемерлъи; ~ **су́дна** гамида юк гIемерлъи (цИкIкIин); ~ **рабо́той** ккколелдаса цИкIкIун хIалтIи букIин, хIалтIулъ къан вукIин

ПЕРЕГРУЗИ́ТЬ *сов.* 1) *что* юк цоялдаса цогиялда лъезе; ~ **я́щики с маши́ны на парохо́д** ящикIал машинаялдаса гамида лъезе (гамиде рахъизе); 2) *что (нагрузить чрезмерно*) цИкIкIун юк тIад лъезе; ~ **ваго́н** вагоналъуб ккколелдаса цИкIун юк лъезе 3) *кого-что перен.* ккколелдаса цИкIкIун малъизе, тIад къазе; ~ *кого-л.* **рабо́той** *лъида бугониги* ккколелдаса цИкIкIун хIалтIи малъизе (тIад къазе)

ПЕРЕГРУЗИ́ТЬСЯ *сов.* 1) (*переместить свой груз*) юк тIаса рехизе; цогиялде чIехьезе 2) (*нагрузиться чрезмерно*) юк бегъулелдаса цИкIкIине

ПЕРЕГРУ́ ЗКА *ж* **1.** (*по гл.* **перегрузи́ть**) 1) юк тIаса бахъи 2) цИкIкIун юк тIад лъей **2**. (*по гл.* **перегрузи́ться**) юк ккколелдаса цИкIкIин **3.** *перен.* цИкIкIун хIалтIи, хIалтIи цИкIкIин, иш гIемерлъи

ПЕРЕГРУППИРОВА́ТЬ *сов. кого-что* цИдасан, батIайиса группабазде цолъизаризе; ~ **во́йска** аскарал цИдасан данде гьаризе, къокъабазде риххизе

ПЕРЕГРУППИРОВА́ТЬСЯ *сов.* цИдасан группаби лъугьине; группабазде рикьизе (риххизе)

ПЕРЕГРУППИРО́ВКА *ж* **1.** *(по гл.* **перегруппирова́ть**) цИдасан группаби гIуцIи **2.** (*по гл.* **перегруппирова́ться**) цИдасан группаби лъугьин

ПЕРЕГРУППИРО́ВЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **перегруппирова́ть(ся)**

ПЕРЕГРЫЗА́ТЬ *несов. см.* **перегры́ зть**

ПЕРЕГРЫ́ ЗТЬ *сов.* 1) *что* цабзаз букъизе, къунцIизе; ~ **ни́тку** кун цабзаз къунцIизе 2) *кого-что* (*загрызть многих*) хIанчIхъанчIун разе, чIам-чIамун разе

ПЕРЕГРЫ́ЗТЬСЯ *сов. разг.* (*о животных*) цоцазда хIан-чIезе; рагъизе

ПЕ́РЕД (ПЕРЕДО́) *предлог с тв. п.* 1) (*впереди, напротив кого-чего-л.*) цебе; ~ **до́мом** рукъалда цебе 2) (*за некоторое время до чего-л.*) дагъаб цебе, цебеккун; **он прие́хал ~ на́ми** гьев нижедаса цевеккун вачIана, нижедаса цеве вачIана; ~ **едо́й** кванда цебе, кваналалде цебе 3) (*по отношению кому-чему-л.*) цеве; **я винова́т ~ тобо́й** дун дуда цеве гIайибияв вуго 4) *разг.* (*по сравнению с кем-чем-л.*) данде ккун; **э́та карти́нка ничто́ ~ той** гьадаб сураталда данде ккун, гьаб щибго гуреб жо буго; ~ **тем как** цин гьелда цебе...

ПЕРЁД *м разг.* цебесеб рахъ; ~ **пла́тья** гурдил цебесеб рахъ

ПЕРЕДАВИ́ТЬ *сов. кого-что* мерхьине, чIинтIизе, мерхьамекъине; ~ **я́йца** ханал чIинтIизе

ПЕРЕДА́ТЧИК *м* передатчик (*радиоялъул, телевидениялъул, телеграфалъул гьаракь, сурат къватIибе кьолеб аппарат*)

ПЕРЕДА́ТЬ *сов.* 1) *кого-что (отдать)* кьезе; ~ **письмо́** кагъат кьезе; ~ **права́ насле́дникам** ирсилазе ихтиярал кьезе; ~ **зна́ния учя́щимся** цIалдохъабазе лъай кьезе; ~ **мяч** торгIо кьезе 2) *что кому (сказать)* абизе, бицине; ~ **изве́стия** цIияб хабар бицине; ~ **приве́т** салам бицине; **то́чно ~ мы́сль а́втора** авторасул пикру битIун (хисизабичIого) кьезе, бицине; 3) *что (воспроизвести)* бихьизабизе; **актёр хорошо́ переда́л пережива́ния геро́я** актёрас героясул рекIел хIал лъикI бихьизабуна 4) (*средствами технической связи*) кьезе; ~ **конце́рт по ра́дио** концерт радиолдасан кьезе 5) *что (заразить)* бахинабизе 6) *что (направить)* битIизе; ~ **де́ло в суд** дело судалде битIизе 7) *что и чего и без доп. разг. (дать лишнее)* цИкIкIун кьезе; ~ **пять рублей при поку́пке** бичун босулаго, щуго гъурущ цИкIкIун кьезе

ПЕРЕДА́//ТЬСЯ *сов. кому-чему (перейти к другому)* бахине; **болезнь ~ла́сь ребёнку** унти лъимаде бахана

ПЕРЕДА́Ч//А *ж* **1.** (*по глаголу* **переда́ть**): 1) кьей 2) бахин **2.** (*по радио, телевидению*) передача **3.** (*больному и т.п.*) передача

(унтарасухъе кьезе кьураб жо); **принести́ ~у** передача босун бачIине **4.** *тех.* передача (*цо механизмалъул гуч цогидалде кьолеб алат*) ◊ **без пра́ва ~и** лъихъениги кьезе ихтияр гьечIого

ПЕРЕДВИГА́ТЬ *несов. см.* **передви́нуть**

ПЕРЕДВИГА́ТЬСЯ *несов.* 1) *см.* **передви́нуться**; 2) (*ходить*) хьвадизе, багъаризе, цеве ине; **~ ползко́м** хъурщун цеве ине

ПЕРЕДВИЖЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **передви́нуть**) цебегIан бачин **2**. (*по гл.* **передви́нуться**) цебехун ин, багъари

ПЕРЕДВИ́ЖКА *ж*: **библиотека –** ~ хьвадулеб библиотека

ПЕРЕДВИЖНО́//Й, -ая, -ое хьвадулеб, гочарунеб (*цо бакIалдаса цогиялъубе гочунеб*); **~а́я вы́ ставка** хьвадулеб выставка

ПЕРЕДВИ́НУТЬ *сов.* 1) *что* цебегIан бачине, хъурщизабизе; **~стол** стол цебегIан бачине 2) *кого-что* цIазе; **~ войска́ к грани́це** аскар гIорхъодегIан цIазе 3) *что разг. (срок)* цебегIан бачине; **~ сро́ки экза́менов** экзаменазул заман цебегIан бачине

ПЕРЕДВИ́НУ//ТЬСЯ *сов.* 1) цебе ине, хъурщизе, букIаралъуса багъаризе, гочине; **стре́лка часо́в ~лась** сагIтил хъаравул цебе ана 2) (*измени́ться – о сроке*) хисизе

ПЕРЕДЕ́Л *м* (*по гл.* **переде́лать**) цIидасан бикьи; **~ земли́** *ист.* ракьал цIидасан рикьи

ПЕРЕДЕ́ЛА//ТЬ *сов.* 1) *что* цIидасан хисизабун гьабизе; **~ть пла́тье** гурде цIидасан хисизабун гьабизе 2) *кого-что перен.* хисизавизе; **его́ не ~ешь** гьев хисизавун бажариларо 3) *что разг. (сделать многое)* кинабго, тIолабго гьабизе; **он ~л все дела́** гьес киналго ишал лъугIизаруна, тIуразаруна, гьаруна

ПЕРЕДЕЛИ́ТЬ *сов. что* 1) (*заново*) цIидасан, батIайиса бикьизе; **~ зе́мли** ракьал цIидасан рикьизе 2) *разг. (разгородить)* кIибикьизе, гьоркьоса къотIизе

ПЕРЕДЕ́ЛК//А *ж* **1.** (*по гл.* **переде́лать**) цIигьаби, цIидасан хисизаби; хисизабун къачIай; **~а пла́тья** гурде хисизабун къачIай **2.** (*переделанная вещь*) хисизабун къачIараб жо

ПЕРЕДЕ́ЛЫВАТЬ *несов. см.* **переде́лать**

ПЕРЕДЕЛЯ́ ТЬ *несов. см.* **переде́ли́ ть**

ПЕРЕДЁРГИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **передёрнуть(ся)**

ПЕРЕДЕРЖА́ТЬ *сов. что* цIикIкIун заманалъ *кибниги* тезе, цIикIкIун заманалъ кквезе; **~ фотогра́фию в прояви́теле** сурат цIикIун заманалъ (гIемераб мехалъ) проявителалъулъ тезе

ПЕРЕДЕ́РЖИВАТЬ *несов. см.* **передержа́ть**

ПЕРЕДЁРНУ//ТЬ *сов.* 1) *безл. кого* туркIизе, туркIун *сундулниги* бугеб хIал хисизабизе; **~л затво́р** туркIун затвор бахинабуна; 2) тIеркIезабизе; **ло́шадь ~ла ушáми** чоца гIундул тIеркIезаруна; 3) туркIун бакI хисизабизе, тIасан бехъерхъизе; **соба́ки ~ли сáни че́рез ледяно́й бугóр** гьабзаз чанагъал цIорол гохIалдасан рехъерхъана

ПЕРЕДЁРНУТЬСЯ *сов. разг.* гъанцIизе, тIеркIезе, сири базе, гъаргъар щвезе; **~ от отвраще́ния** ракIкъаялъ гъанцIизе (сири базе, гъаргъар щвезе)

ПЕРЕДНЕЯЗЫ́ ЧНЫЙ, -ая, -ое *лингв.:* **~ звук** мацIалзул цебесеб рахъалъ бахъулеб гьаракь

ПЕРЕ́ДН//ИЙ, -яя, -ее гьумераб; цебегIан бугеб; цебесеб; **~ий зуб** цебесеб ца; **на ~ем пла́не** цебесеб рахъалда ◊ **~ий край** рагъ боркьараб бакI; **~ий угол** иконал лъолеб ва хIурматиял гьалбадерие стол лъураб рукъалъул бокIон

ПЕРЕ́ДНИК *м* цебебухь

ПЕРЕ́ДНЯЯ *ж* жанахI

ПЕ́РЕДО *предлог* «перед» цебе; **~ мной** дида цебе; **~ все́ми** киназдаго цебе

ПЕРЕДОВЕ́РИТЬ *сов. что кому-чему* цIикIкIун божизе; жинда божун тараб иш цогиясде бугъизе; **~ дове́ренность** доверенность (вакиллъи) божилъи гьабун цогиясухъе кьезе

ПЕРЕДОВЕРЯ́ ТЬ *несов. см.* **передове́рить**

ПЕРЕДОВИ́К *м* цевехъан; **~и́ се́льского хозя́йства** росдал магIишаталъул церехъаби

ПЕРЕДОВИ́ЦА *ж* (*газеталъул, журналалъул*) бетIераб макъала, передовица

ПЕРЕДОВ//О́Й, -ая, -ое **1.** (*находящийся впереди*) цебесеб, цебегIан бугеб; **~ой отряд** цебесеб къокъа **2.** (*прогрессивный*) цебе тIураб; **~а́я наука** цебе тIураб гIелму; **~ые иде́и** цере тIурал идеяби **3.** *в знач. сущ.* **~а́я** *ж* (*в газете*) бетIераб макъала, передовица

ПЕРЕДО́К *м* (*повозки, фургона*) цебесеб рахъ, цебесеб бутIа (*гьаказул, фургоналъул хIосгун цадахъ цересел бурдулги гьакигIурдулги*)

ПЕРЕДОХНУ́ ТЬ *сов. разг.* хIухь бахъизе, хIухьбахъи гьабизе; **немно́го** ~ цодагъаб хIухьбахъи гьабизе; **сесть** ~ хIухь бахъизе гIодор чIезе

ПЕРЕДРА́ЗНИВАТЬ *несов. см.* **передразни́ть**

ПЕРЕДРАЗНИ́ТЬ *сов. кого-что* валъаргъине, балъаргъине (*гьой*)

ПЕРЕДРА́ТЬСЯ *сов. разг.* цоцалъ рагъизе

ПЕРЕДРЯ́ Г//А *ж разг.*: **попа́сть в ~у** лазат бахъараб ишалда гьоркьове ккезе

ПЕРЕДУ́ МАТЬ *сов.* 1) (*изменить решение*) цIияб пикру ккезе, цебесеб пикруялдаса вуссине 2) *что, о чём (обдумать многое)* гIемераб жоялда тIад пикру гьабизе, эргъезе

ПЕРЕДУ́ МЫВАТЬ *несов. см.* **переду́мать**

ПЕРЕДУШИ́ //ТЬ *сов. кого-что разг.* гъанкъун разе; **лиса́ ~ла кур** цараца гIанкIуял гъанкъун рана; **во́лки ~ли всех ове́ц** бацIаз киналго чахъаби гъанкъун рана

ПЕРЕДЫ́ШК//А *ж* хIухьбахъи, лъалхъи́; **без ~и** лъалхъи́ гьабичIого; **не дава́я ни мину́ты ~и** цохIо минуталъулги хIухьбахъиги кьечIого (хIухь бахъизеги течIого)

ПЕРЕЕДА́ТЬ *несов. см.* **переесть**

ПЕРЕЕ́ЗД *м* **1.** (*по гл.* **переезжа́ть**) цо бакIалдаса цоги бакIалде гочин, цо бакI къотIун ин; рахъин; **~ на но́вую кварти́ру** цIияб рокъоре рахъин; **~ че́рез реку́** гIор бахун дорехун ин **2**. (*место*) дорехун ине бегъулеб бакI; **железнодоро́жный** ~ маххул нух къотIун ине бегъулеб бакI (унеб бакI)

ПЕРЕЕЗЖА́ТЬ *несов. см.* **переéхать**; **~ с ме́ста на ме́сто** цо бакIалдаса цоги бакIалде гочине

ПЕРЕЕ́СТЬ *сов.* 1) *чего и без доп. разг.* (*много съесть*) гIемер кваназе, чохьодаса инегIан кваназе 2) (*о ржавчине, кислоте и т.п.*) кваназе; **~ ржа́вчиной** кьавуялъ кваназе

ПЕРЕЕ́ХАТЬ *сов.* 1) *что, через что сунданиги* рекIун дорехун рахине; **~ че́рез реку́** гIорда тIасан (гIордасан) дорехун рахине 2) (*переселиться*) рахъине; **~ на другу́ю кварти́ру** цоги батIияб рокъоре рахъине 3) *кого-что (задавить*) тIасан ине, чIинтIизе

ПЕРЕЖА́РИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **пережа́рить(ся)**

ПЕРЕЖА́РИТЬ *сов. что* 1) (*слишком сильно зажарить*) цIакъго бежизабизе, къвагъизабизе 2) *разг.* (*изжарить все, многое*) кинабго бежизе; **~ все котле́ты** киналго котлетал режизе (*цониги нахъе течIого*) 3) *разг.* (*поджарить*) *кигIаналиго къадар* бежизе

ПЕРЕЖА́РИ/ТЬСЯ *сов.* 1) (*стать жестким, сухим*) сваризе, къвагъизе; **мя́со ~лось** гьан къвагъун буго (*цIикIкIун бежун буго, бухIун буго*) 2) *прост. (перегреться)* бухIизе; **~ться на со́лнце** бакъуца вухIизе; гIемер мехалъ бакъукь вукIине

ПЕРЕЖДА́ТЬ *сов. кого-что и без доп. щибниги яги цивниги* лъугIизегIан чIезе; **~ дождь** цIад къотIизегIан (къатIинегIан) чIезе; дагъаб мехалъ чIезе

ПЕРЕЖЕВА́ТЬ *сов. что* чIамун гIисин гьабизе; **~ пи́ щу** квен чIамун гIисин гьабизе; гьаругьинан чIамизе

ПЕРЕЖЁВЫВАТЬ *несов. что* 1) *см.* **пережева́ть** 2) *что перен.* цого жо чIамизе (бицине); **~ ста́рые и́стины** цебего лъалеб хIакъикъат чIамизе (чIамулел рукIине)

ПЕРЕЖЕНИ́ ТЬ *сов. кого (многих)* киназего лъудби рачине; **~ сыново́й** киналго васазе лъудби рачине

ПЕРЕЖЕНИ́ //ТЬСЯ *сов.* жидецаго лъудби рачине; **все его́ сыновья́ ~лись** гьесул киналго васаз лъудби рачана; цояй йи-ччан цоги чIужу ячине

ПЕРЕЖЁЧЬ *сов. что* 1) цIикIкIун гIанкизе, бухIизабизе; **~ кофе** кофе цIикIкIун гIанкизе 2) (*сжечь все, многое*) бухIизе, бухIун лъугIизабизе; **~ все дрова́** кинабго цIул бухIизе 3) *разг. (перерасходовать*) кколелдаса цIикIкIун бухIизе; **~ бензи́н** бензин кколелдаса цIикIкIун бухIизе

ПЕРЕЖИВА́НИ//Е *с* ургъел, ургъел гьаби; рекIел асар, рекIее асар гьаби; **глубо́кие ~я** гьваридал рекIел асарал

ПЕРЕЖИВА́ТЬ *несов.* 1) *см.* **пережи́ ть** 2–4 2) *что и без доп. разг.* ургъел гьабизе, ургъалилъе ккезе

ПЕРЕЖИГА́ТЬ *несов. см.* **пережёчь**

ПЕРЕЖИДА́ТЬ *несов. см.* **переждáть**

ПЕРЕЖИТО́Е *с* гIумруялда жаниб хIехьараб, бихьараб жо; бихьараб къо

ПЕРЕЖИ́ Т//ОК *м* цебесеб, некIсияб пикруялъул хутIел; **~ки феодализма в созна́нии люде́й** гIадамазул пикруялъулъ феодализмалъул хутIелал; **~ок про́шлого** араб заманалъул хутIел

ПЕРЕЖИ́ТЬ *сов.* 1) *что (прожить до конца*) хIехьезе; **~ ночь** сордоялъ хIехьезе; ◊ **жизнь ~ – не по́ле перейти́** гIумру гьабиги авлахъ къотIун инги цого жо гуро 2) *кого-что (прожить дольше кого-чего-л.) лъидасаниги-сундасаниги* цИикIкIун сонал разе 3) *что и без доп. (выжить, вынести)* хIехьезе кIвезе; **~ уда́р судьбы́** къисматалъул кьаби хIехьезе кIвезе; **он не смог ~ оскорбле́ния** гьесда инжит гьави хIехьезе кIвечIо 4) *что (испытать)* хIехьезе, бихьизе; **~ тру́дности** захIмалъаби рихьизе, хIехьезе

ПЕРЕЗАБЫ́ //ТЬ *сов. кого-что разг.* некIого кIочон тезе; **всё ~л** кинабго некIого кIочон тана

ПЕРЕЗАКЛА́ДЫВАТЬ *несов. см.* **перезало́жи́ ть**

ПЕРЕЗАКЛЮЧА́ТЬ *несов. см.* **перезаключи́ ть**

ПЕРЕЗАКЛЮЧИ́ТЬ *сов. что* цIидасан къотIи гьабизе, цIиял шартIазда къотIи гьабизе

ПЕРЕЗАЛОЖИ́ТЬ *сов. что* цIидасан гъоркълъалие (аманаталъе) лъезе

ПЕРЕЗАРЯДИ́ТЬ *сов. что* цIидасан цIезе; **~ винто́вку** туманкI цIидасан цIезе; **~ фотоа́ппарат** фотоаппарат цIидасан цIезе (*жаниб пленка лъезе*)

ПЕРЕЗАРЯЖА́ТЬ *несов. см.* **перезаряди́ ть**

ПЕРЕЗВО́Н *м* гIемерал цIурмал цадахъ зваргъей; гIемерал цIурмазул цадахъаб зваргъи; **пра́здничный ~** цIурмазул байрамалъулаб зваргъи

ПЕРЕЗИМОВА́ТЬ *сов.* 1) хасел тIамизе; **~ в дере́вне** росулъ хасел тIамизе 2) (*о животных, растениях*) хасел (кьин) хIехьезе

ПЕРЕЗНАКО́МИТЬ *сов. кого-что разг.* киназулго лъай-хъвай гьабизе; **~ гостéй** киналго гьалбадерил лъай-хъвай гьабизе

ПЕРЕЗНАКО́МИТЬСЯ *сов. разг.* гIемеразулгун лъай-хъвай ккезе, лъай-хъвай гьабизе

ПЕРЕЗРЕВА́ТЬ *несов. см.* **перезре́ть**

ПЕРЕЗРЕ́ЛЫЙ, -ая, -ое барщудаса араб; **~ плод** барщудаса араб пихъ

ПЕРЕЗРЕ́//ТЬ *сов.* барщудаса ине; **помидо́ры ~ли** помидорал барщудаса ун руго

ПЕРЕИГРА́//ТЬ *сов. что* 1) (*заново*) цIидасан, цоги нухалъ хIазе; **~ть па́ртию в ша́хматы** шахматазул партия цIидасан хIазе 2) (*многое*) гIемер риччазе; **~ть все люби́мые пе́сни** киналго рокьулел кучIдул цIидасан риччазе 3) *разг. (сыграть роль неестественно)* роль квеш хIазе; **актёр ~л** актёрас роль квеш хIана (гIумруялда букIунареб куцалъ хIана)

ПЕРЕИ́ ГРЫВАТЬ *несов. см.* **переигра́ть**

ПЕРЕИЗБИРА́ТЬ *несов. см.* **переизбра́ть**

ПЕРЕИЗБРА́НИЕ *с (по гл.* **переизбра́ть**) цIидасан вищи; **~ председа́теля колхо́за** колхозалъул председатель цIидасан вищи

ПЕРЕИЗБРА́ТЬ *сов. кого-что* цIидасан вищизе; **~ наро́дного судью́** халкъияв судья (диванчи) цIидасан вищизе

ПЕРЕИЗДАВА́ТЬ *несов. см.* **переизда́ть**

ПЕРЕИЗДА́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **переизда́ть**) цIидасан басмаялда бахъи; **~ букваря́** букварь цIидасан басмаялда бахъи **2**. (*переизданная книга*) цIидасан басмаялда бахъараб тIехь

ПЕРЕИЗДА́ТЬ *сов. что* цIидасан басмаялда бахъизе; **~ уче́бник** цIалул тIехь цIидасан басмаялда бахъизе

ПЕРЕИМЕНОВА́НИЕ *с* (*по гл.* **переименова́ть**) цIар хиси, цIияб цIар лъей (кьей)

ПЕРЕИМЕНОВА́ТЬ *сов. кого-что* цIар хисизе, цIияб цIар лъезе; **~ у́лицу** къватIалда цIияб цIар лъезе

ПЕРЕИМЕНО́ВЫВАТЬ *несов. см.* **переименова́ть**

ПЕРЕИНА́ЧИВАТЬ *несов. см.* **переина́чить**

ПЕРЕИНА́ЧИТЬ *сов. что разг.* батIайиса гьабизе, хисизабизе, батIияб магIна кьезе; **~ расска́з** хабар хисизабизе

ПЕРЕЙТИ́ *сов.* 1) *что, через что* бахине, тIасан ине, къотIун ине; **~ реку** гIорда тIасан ине; гIор къотIун дорехун рахине; **~ че́рез го́рный хребе́т** мугIрул щоб къотIун ине 2) (*переместиться*) рахъине; **~ в друго́й дом** цоги батIиял рукъазабахъе рахъине; **~ во второ́й класс** кIиабилеб классалде вахъизе 3) (*примкнуть к кому-л.*) *лъилниги* рахъалде ине, хияналъизе; **~ на сто́рону проти́вника** дандеясул (*тушманасул*) рахъалде ине; **~ в правосла́вную ве́ру** христиан (насрaниязул) дин босизе 4) (*достаться, поступить в собственность кого-чего-л.*) щвезе; **э́тот дом перешёл ему́ от отца́** гьаб мина (ригъ) гьесие инсухъан (-дасан) щвана 5) (*передаться*) бахине 6) (*приступить к чему-л.*) байбихьизе; цо ишалде вуссине; **~ к друго́й те́ме** батIияб тема байбихьизе 7) (*изменить образ действий*) рачIине, хисизе; **~ от оборо́ны к наступле́нию** оборонаялдаса гьужумалде рачIине 8) *во что (изменилось, стать другим*) хисизе, сверизе, буссине; **степь перешла́ в леси́стое ме́сто** авлахъ рохьал ругеб бакIалъ хисана (рохьаз хисана)

ПЕРЕКА́ЛЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **перекали́ ть(ся)**

ПЕРЕКАЛИ́ ТЬ *сов. что* 1) (*испортить*) кутакалда (кколелдаса цIикIкIун) багIаризабизе; бухIизабизе; **~ сталь** чаран кутадда багIаризабизе 2) *разг. (перегреть*) боркьизабизе

ПЕРЕКАЛИ́ //ТЬСЯ *сов. жидго* кутакалда багIаризе; сталь **~лась** чаран кутакалда багIарана 2) *разг.* боркьизе; **печь ~лась** печь боркьана (*кутакалда багIарана*)

ПЕРЕКА́ПЫВАТЬ *несов. см.* **перекопа́ть**

ПЕРЕКА́РМЛИВАТЬ *несов. см.* **перекорми́ ть**

ПЕРЕКА́Т *м* 1) *мн.* **~ы** (*гул*) кьвагьа-гIанхъи, халат бахъараб хъуй; **~ы гро́ма** гъугъадиялъул халатаб дваргъи 2) (*на реке*) (*гIор бакьулъ лъугьараб*) тIадгояб бакI (тIалхияб бакI)

ПЕРЕКАТИ́ -ПО́ЛЕ *с бот.* роцгьечI (гIонкIкIозаз) (*регьел дагьлъигун гьороца гиризабун цоги бакIалде гочунеб гьитIинаб хъарахъ*)

ПЕРЕКАТИ́ТЬ *сов. что* гиризабун бачине; гиризабун цоги бакIалде щвезабизе; **~ бо́чку** къали гиризабун бачине

ПЕРЕКАТИ́//ТЬСЯ *сов.* гирун ине; **мяч ~лся за черту́** торгIо хIуччда нахъе гирун ана

ПЕРЕКА́ТЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **перекати́ ть(ся)**

ПЕРЕКАЧА́ТЬ *сов. что* цо бакIалдаса цоги бакIалде (насосалъ) кьабизе; **~ нефть в ба́ки** чIегIернарт бакахъе кьабизе

ПЕРЕКА́ЧИВАТЬ *несов. см.* **перекача́ть**

ПЕРЕКА́ШИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **перекоси́ ть(ся)**

ПЕРЕКВАЛИФИКА́ЦИЯ *ж* **1.** (*по гл.* **переквалифици́ровать**) махщел-пиша хиси **2**. (*по гл.* **переквалифици́роваться**) цIияб махщел-пиша щвей

ПЕРЕКВАЛИФИЦИ́РОВАТЬ *сов. и несов. кого* цIияб махщалие ругьун гьаризе; **~ рабо́чих** хIалтIухъаби цIияб махщалие ругьун гьаризе

ПЕРЕКВАЛИФИЦИ́РОВАТЬСЯ *сов. и несов.* цIияб махщел лъазабизе, босизе

ПЕРЕКИДА́ТЬ *сов. что* тIасан рехизе (лъезе, базе)

ПЕРЕКИДНО́Й, -ая, -ое тIасан лъураб, рехулеб; **перекидна́я су́мка** гъажида (гъежда) балеб (рехулеб) сумка; цоги жоялда базабун лъолеб

ПЕРЕКИ́ ДЫВАТЬ *несов. см.* **перекида́ть, переки́ нуть**

ПЕРЕКИ́ ДЫВАТЬСЯ *несов. см.* **переки́ нуться**

ПЕРЕКИ́ НУТЬ *сов.* тIасан рехизе

ПЕРЕКИ́ НУТЬСЯ *сов.* тIасан рехун ине

ПЕРЕКИСА́ТЬ *несов. см.* **переки́ снуть**

ПЕРЕКИ́ СНУТЬ *сов.* цIакъ цIекIлъизе; **смета́на ~ла** тIорахь цIакъ цIекIлъун буго

ПЕ́РЕКИСЬ *ж хим.* перекись; **~ водоро́да** водородалъул перекись; (*химиялда – элементазул кислородгун цолъиялъул тIадегIанаб даража*)

ПЕРЕКЛА́ДИНА *ж* 1) гIебса лъураб чIалу (квен, рахи) 2) *спорт.* турник

ПЕРЕКЛА́ДЫВАТЬ *несов. см.* **переложи́ ть**

ПЕРЕКЛЕ́ИВАТЬ *несов. см.* **переклéить**

ПЕРЕКЛЕ́ИТЬ *сов. что* 1) (*проклеить заново*) цIидасан цоги бакIалда седезе; **~ ма́рку на другóй конве́рт** марка цоги батIияб конверталда седезе 2) (*заново оклеить*) цIидасан седезе

ПЕРЕКЛИКА́ТЬСЯ *несов.* цоцазде ахIдезе; ахIдон цоцазулгун бухьен чIезабизе, ругеб бакI лъазабизе; **~ в лесу́** рохьор цоцазде ахIдезе 2) *перен.* релълъун рахъине, релълъараллъун ру-кIине

ПЕРЕКЛИ´ ЧКА *ж* 1) цIарал ахIи 2) радиоялдасан, телевидениялдасан жидерго хIалбихьи цоцазе гIахьал гьаби

ПЕРЕКЛЮЧА́ТЕЛЬ *м эл.* переключатель (*ток, хехлъи хисизабулеб алат*)

ПЕРЕКЛЮЧА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **переключи´ ть(ся)**

ПЕРЕКЛЮЧИ´ ТЬ *сов. что* 1) *эл.* хисизабизе (*ток унеб нух*) 2) *перен.* пикру, иш цогияб рахъалде буссинабизе; **~ внима́ние** пикру цогияб рахъалде буссинабизе; **~ завóд на произвóдство тра́кторов** завод тракторал гьариялде бачине; **~ телефóн** телефон цоги батIияб бакIгун цолъизабизе

ПЕРЕКЛЮЧИ´ //ТЬСЯ *сов. на что* тIаделъизе ◊ **~ться на нау´чную рабóту** гIелмияб хIалтIуде вуссине *(батIияб хIалтIиги тун);* **разговóр ~лся на другóю тéму** гара-чIвари цоги батIияб темаялде сверана

ПЕРЕКОВА́ТЬ *сов.* 1) *кого-что (заново подковать*) цIидасан тIукъби чIвазе; **~ ло́шадь** чода цIидасан тIукъби чIвазе 2) *что (выковать заново*) цIидасан бацIизе, бацIун хисизабизе 3) (*подковать многих*) гIемеразда тIикъва-магI чIвазе 4) *кого-что перен. (перевоспитать)* цIидасан тарбия кьезе, кьучIдасанго хисизавизе

ПЕРЕКО́ВЫВАТЬ *несов. см.* **перекова́ть**

ПЕРЕКОЛО́ТЬ[1] *сов. что* (*приколоть иначе*) батIайиса чIвазе (базе) 2) (*исколоть во многих местах*) борлъ-борлъун базе (басине) 3) (*заколоть многих*) **~ свинéй** гIемерал болъонал рорлъун разе (*хъвехъун разе*), чIвазе

ПЕРЕКОЛО́ТЬ[2] *сов. что (расколоть все, многое*) тIолабго бичIизе, бичIун базе; **~ все дровá** кинабго цIул бичIун базе

ПЕРЕКОПА́ТЬ *сов. что* 1) (*заново*) цIидасан бухъизе; **~ огóрóд** пастIан цIидасан бухъизе; 2) (*многое*) гIемерисаб бухъизе; **~ все гря´дки** киналго кьурдул рухъизе 3) (*выкопать поперёк чего-л.*) гIебса къотIун бухъизе; **~ дорóгу** нух гIебса къотIун бухъизе

ПЕРЕКОРМИ´ ТЬ *сов. кого* цIикIкIун кваназабизе (хахизе); **~ ребёнка** лъимер цIикIкIун (*чохьодаса инегIан*) кваназабизе

ПЕРЕКОСИ́ТЬ *сов.* 1) *что* цIакъ тIиркъизабизе, гьетIизабизе (хьетIизабизе); **~ окóнную рáму** гордуялъул рама цIикIкIун тIиркъизабизе 2) *безл. кого-что* цIан ине, цIазавизе; **от бóли егó перекоси´ ло** унтиялъ гьев цояб рахьалде цIазавуна, гьетIизавуна

ПЕРЕКОСИ´ //ТЬСЯ *сов.* гьетIун ине, тIиркъун ине, хьетIун ине; **дверь ~лась** нуцIа тIиркъун ун буго

ПЕРЕКОЧЕВА́ТЬ *сов.* цоги бакIалде гочине; **~ на нóвое мéсто** цIияб бакIалде гочине

ПЕРЕКОЧЁВЫВАТЬ *несов. см.* **перекочева́ть**

ПЕРЕКРА́ИВАТЬ *несов. см.* **перекрóить**

ПЕРЕКРА́СИТЬ *сов. что* 1) (*заново*) цIидасан белъине, цIидасан лажбар бахине 2) (*многие*) гIемерал релъине, киназдаго лажбар бахине; **~ все óкна и двéри** киналго гордазда ва нуцIбузда лажбар бахине

ПЕРЕКРА́ШИВАТЬ *несов. см.* **перекра́сить**

ПЕРЕКРЁСТН//ЫЙ, -ая, -ое: **~ый допрóс** цо чанго чияс босулеб сурав (*цIех-рех гьаби*); **~ый огóнь** цо чанго рахъалдасан цо бакIалде кьвагьдей (*гIарада бай*); **~ое опыле́ние** батIи-батIияб рахъалдасан бачIунеб тIугьдузул хIур цоцахъе щвеялъ лъугьунеб хурдузул хьонтIи; цоцаца къотIулеб

ПЕРЕКРЁСТ//ОК *м* нухал, къватIал цоцаца къотIулеб бакI; нухал рикьулеб бакI ◊ **крича́ть на всех ~ках** киса кибего ахIи базе

ПЕРЕКРИ´ КИВАТЬ *несов. см.* **перекрича́ть**

ПЕРЕКРИЧА́ТЬ *сов. кого-что* цогияв ваккизего течIого ахIдезе; кутакалда ахIдезе; цогиясул гьаракь къинабизе (цогияс бицунеб жо къинабизе)

ПЕРЕКРОИ́ТЬ *сов. что* 1) (*скроить заново*) цIидасан лъутIизе; **~ пла́тье** гурде цIидасан лъутIизе 2) *перен.* (*изменить*) хисизабизе 3) кинабго жо лъутIа-къотIун базе

ПЕРЕКРУТИ´ ТЬ *сов.* 1) *разг.* (*скрутить с чем-л.*) *сунданиги* цадахъ къуризе 2) *что* (*слишком закрутить*) цIикIкIун къуризе; цIикIкIун кьурун хвезабизе; **~кран** цIикIкIун кьурун кран хвезабизе 3) *кого-что разг. (обвязать)* сверун (тIад жемун) бухьине

ПЕРЕКРУТИ́//ТЬСЯ *сов. разг.*: **пружи´на у часóв ~лась** сагIтил бутI ракьанде щвезегIан кьурун буго

ПЕРЕКРУ´ ЧИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **перекрути´ ть(ся)**

ПЕРЕКРЫВА́ТЬ *несов. см.* **перекры´ ть**

ПЕРЕКРЫ´ ТИЕ *с* **1.** (*по гл.* **перекры´ ть**) цIидасан тIад бай; **~ кры´ши** цIидасан тIох бай **2**. (*опора крыши*) тIох кколел рахал, чIалаби **3. ~ рекóрда** рекордалдаса цере ин (цIикIкIин) **4. ~ ру́сла реки´** гIурул нух къай **5.** тIадхъел, тIокъ

ПЕРЕКРЫ´ ТЬ *сов. что* 1) (*покрыть заново*) цIидасан бацизе, тIокъине; **~ кры´шу** цIидасан тIох базе 2) *разг.* (*превзойти*) цIикIкIине, цебе ине; **~ пре́жний рекóрд** цебе букIараб (чIезабураб) рекордалдаса цере ине (*цIикIкIине*) 3) (*сделать преграду*) къазе, квалквал (квекIен) гьабизе, бацизе; **~ реку плоти´ной** гIор сангаралъ къазе 4) (*прекратить доступ*) нух къазе, ахир лъезе

ПЕРЕКУВЫ´ РКИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **перекувырну́ть(ся)**

ПЕРЕКУВЫРНУ´ ТЬ *сов. что разг.* (*опрокинуть*) дегIен чIезабизе, бегуниса чIвазабизе

ПЕРЕКУВЫРНУ́ТЬСЯ *сов. разг.* дегIен чIезе, бегуниса чIвазе

ПЕРЕКУПА́ТЬ *несов. см.* **перекупи´ ть**

ПЕРЕКУПИ́ТЬ *сов. кого-что у кого* 1) (*перебить покупку*) тIад вахъун бичун босизе 2) (*скупить*) бичун нахъе босизе (*бичун букIараб*) 3) гIемераб жо бичун босизе

ПЕРЕКУ´ ПЩИК *м* бичизелъун *щибниги* босулев чи

ПЕРЕКУ´ ПЩИЦА *ж* бичизелъун *щибниги* босулей гIадан

ПЕРЕКУСА́ТЬ *сов. кого-что (многих)* хIанчI-хIанчIун разе

ПЕРЕКУСИ́ТЬ *сов* 1) *что* цабзаз къунцIизе; хIанчIун борлъизе; **~ ни´ тку** кун къунцIизе (*цабзаз*) 2) *чего и без доп. разг. (немного поесть)* дагъа-макъаб жо квине, кIалдиб жо лъезе

ПЕРЕКУ́СЫВАТЬ *несов. см.* **перекуси´ ть**

ПЕРЕЛА́ВЛИВАТЬ *несов. см.* **перелови´ ть**

ПЕРЕЛАГА́ТЬ *несов. см.* **переложи´ ть**[2]

ПЕРЕЛА́МЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **переломá́ть(ся), переломи´ ть(ся)**

ПЕРЕЛЕЗА́ТЬ *несов. см.* **переле́зть**

ПЕРЕЛЕ́ЗТЬ *сов. что, через что сунданиги тIасан* довехун вахине, харизе; **~ че́рез забóр** чалиялда тIасан харун вахине (харизе)

ПЕРЕЛЕ́СОК *м* кIудияб рохьалдаса тIураб гьитIинаб рохь; ризал рохьазда гьоркьоб бугеб лъедераб яги гIолохъанаб рохь; рохь лъедераб бакI

ПЕРЕЛЕ́Т *м* **1.** (*по гл.* **перелете́ть**) 1) (*птиц*) роржун рачIин (ин), роржин; **весе́нний ~ птиц** хIанчIазул ихдалилаб роржин 2) (*самолета*) цо бакIалдаса цоги бакIалде боржин; **беспоса́дочный ~** рештIинчIого (гьоркьоб рещтIен гьабичIого) цо бакIалдаса цоги бакIалде боржин **2**. (*непопадание в цель*) гулла гIуждаса добегIан боржин, гIужда нахъехун щвей, гIужда щунгутIи

ПЕРЕЛЕТА́ТЬ *несов. см.* **перелете́ть**

ПЕРЕЛЕТЕ́//ТЬ *сов., что, через что* 1) (*совершить полет*) тIасан къотIун боржине, роржен гьабизе; **~ть океáн** океан къотIун боржине (океаналда тIасан боржине) 2) (*на другое место*) цоги бакIалде боржине, добехун боржине; **мяч ~л че́рез забóр** торгIо чалиялда тIасан боржун ана 3) (*упасть слишком далеко*) цIакъго нахъегIан щвезе (речIчIизе, бортизе); **снаря´ д ~л** гIарададул гулла гIужда нахъехун щвана

ПЕРЕЛЁТН//ЫЙ, -ая, -ое: **~ые пти´ цы** кьин тIамизе югалде роржунел хIанчIи

ПЕРЕЛИВА́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **переливáть**) цоялъуса цогиялъубе тIей **2**. (*по гл.* **переливáться)** чвахи, жибго чвахун ин; **~ крóви** би биччай (*цоясул би цогиясде биччай*) **3.** кьерал, гьаркьал хис-хиси, журай

ПЕРЕЛИВА́ТЬ *несов.* 1) *см.* **перели´ ть** 2) тIезе ◊ **~ из пусто́го в поро́жнее** *погов.* чIобогояльуса гьодоралъубе тIезе (хIасил кколареб, гIададисеб хабар бицине, хIалтIи гьабизе)

ПЕРЕЛИВА́ТЬСЯ *несов.* 1) *см.* **перели́ться** 2) журазе (*о звуках*); кенчIезе, кьерал хис-хисизе (*о красках*); ~ **всéми цветáми рáдуги** нуралъул киналго кьераллъун кенчIезе

ПЕРЕЛИ́ВЧАТЫЙ, -ая, -ое цоцалъ жубалеб (*о звуках*); кенчIолеб, хис-хисулеб (*о красках*)

ПЕРЕЛИ́ВЫ *мн.* (*ед.* **перели́в** *м*) журай (*голосов*); кенчIей (*красок*)

ПЕРЕЛИСТА́ТЬ *сов. что* бегизе, *сундулниги* тIанчал регизе; ~ **кни́гу** тIехь бегизе; ~ **блокно́т** блокнот бегизе, гелизе; 2) (*бегло просмотреть*) гIедегIун, тIаса-масаго хал-шал гьабизе

ПЕРЕЛИ́СТЫВАТЬ *несов. см.* **перелиста́ть**

ПЕРЕЛИ́ТЬ *сов.* 1) цоялъуса цогиялъубе тIезе; ~ **молоко́ из буты́лки в кастрю́лю** рахь шишаялъуса хьагинибе тIезе 2) *что, чего (налить сверх меры*) тIасан бачIинегIан (чвалхизегIан) тIезе 3) *что (отлить заново)* цIидасан тIезе, биччазе; ~ **кровь** би цIидасан биччазе

ПЕРЕЛИ́ТЬСЯ *сов.* 1) (*вылиться в другой сосуд*) цоги цIарагIалъубе чвахизе, чвахун ине 2) (*вылиться через край*) тIасан ине, чвахизе, къватIибе чвахизе

ПЕРЕЛИЦЕВА́ТЬ *сов. что* гъоркьияб рахъ тIаде гьабун цIидасан букъизе; бегуниса бахъун букъизе

ПЕРЕЛИЦО́ВКА *ж* (*по гл.* **перелицева́ть**) ххамил гъоркьияб рахъ тIаде гьабун цIидасан букъи; бегуниса бахъун букъи

ПЕРЕЛИЦО́ВЫВАТЬ *несов. см.* **перелицева́ть**

ПЕРЕЛОВИ́ТЬ *сов. кого-что* кквезе, гIемерисел кквезе; ~ **беглецо́в** лъутаразул (тIураразул) гIемерисел кквезе, ккун лъугIизаризе

ПЕРЕЛОЖЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **переложи́ть**) *муз., лит.* цIидасан сверизабизе, хисизабизе; ~ **про́зы в стихи́** проза кучIдузде сверизабизе **2**. (*пересказ*) цIидасан, батIайиса бицин

ПЕРЕЛОЖИ́ТЬ *сов.* 1) *что* (*на другое место*) цоги бакIалда лъезе; ~ **кни́ги из шка́фа на стол** тIахьал шкафалъуса столалда лъезе 2) *что, на кого-что (возложить на другого)* цогиясда тIад къазе; ~ **часть рабо́ты на помо́щника** хIалтIул цо бутIа кумекчиясда тIад къазе 3) *что чем* гьоркьоб лъезе, гьорлъ лъезе; ~ **посу́ду соло́мой** цIарагIалда гьоркьоб сум лъезе (цIарагI сумалда гьоркьоб лъезе) 4) *что (сложить заново*) цIидасан базе, гьабизе; ~ **сте́ну** къед цIидасан гьабизе 5) *что, чего разг. (положить слишком много*) гIемер лъезе, гIемер базе; ~ **со́ли в суп** чурпаялда гьорлъе цIан гIемер базе 6) *что муз., лит. (изложить в иной форме*) хисизабун, батIайиса хъвазе

ПЕРЕЛО́М *м* **1.** (*по гл.* **переломи́ть**) (*щибниги жо*) беки **2**. (*по гл.* **переломи́ться**) бекун ин **3**. (*место*) бекараб бакI **4**. (*повреждение кости*) ракьа беки, жагъаллъи **5.** (*резкое изменение*) беки́, хехаб хиси́; ~ **в хо́де боле́зни** унтиялъулъ (унтул иналъулъ) хехаб хиси лъугьин (ккей)

ПЕРЕЛОМА́ТЬ *сов. что* 1) гъур-гъуризе, бек-бекун базе; ~ **рёбра при паде́нии** гIодов ккун хьабалухъагIучIал гъур-гъуризе 2) *перен.* векизавизе, къуркьизавизе

ПЕРЕЛОМА́//ТЬСЯ *сов. разг.* гъур-гъурун ине, рек-рекун ине; **все карандаши́ ~лись** киналго карандашал рек-рекун ана

ПЕРЕЛОМИ́ТЬ *сов.* 1) *что (на части*) бекун рехизе, кIихIи бекизе; ~ **па́лку** тIил бекун рехизе, кIихIи бекизе 2) *кого-что перен.* хисизабизе; ~ **свой хара́ктер** жиндирго гIамал-хасият хисизабизе; ~ **себя́** живго хисизавизе

ПЕРЕЛОМИ́//ТЬСЯ *сов.* 1) бекун бачIине, бекун ине, гъурун ине; **кость ~лась** ракьа гъурун (бекун) ана 2) (*стать иным – о характере*) гIамал-хасият хисизе, хисун ине

ПЕРЕЛО́МНЫЙ, -ая, -ое хиси ккараб; ~ **моме́нт в хо́де боле́зни** унтул иналъулъ хиси ккараб заман (лахIзат)

ПЕРЕМА́ЗАТЬ *сов. кого-что разг.* 1) (*испачкать*) бахинабизе, чорок гьабизе, хъублъизабизе; ~ **ру́ки черни́лами** щакъиялъ кверал чорок гьаризе (*кверазда щакъи бахинабизе*) 2) цIидасан бахине, жужазе

ПЕРЕМА́ЗАТЬСЯ *сов. разг.* (*испачкаться*) бахине, чороклъизе, хъублъизе; ~ **в кра́ске** лажбаралда гьорлъ чороклъизе, лажбаралъ чороклъизе

ПЕРЕМА́ЗЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **перема́зать(ся)**

ПЕРЕМА́ЛЫВАТЬ *несов. см.* **перемоло́ть**

ПЕРЕМА́НИВАТЬ *несов. см.* **перемани́ть**

ПЕРЕМАНИ́ТЬ *сов. кого* жиндирго рахъалде цIазе, жиндего вуссинавизе

ПЕРЕМА́ТЫВАТЬ *несов. см.* **перемота́ть**

ПЕРЕМЕЖА́ТЬ *несов. что чем, с чем* зама-заманалдасан цогиялъ хисизе; ирга гьабун цоялъ цояб хисизе, ирга гьабизе; ~ **рабо́ту о́тдыхом** хIалтIудаса хадуб хIухьбахъи гьабизе (*хIалтIиги хIухьбахъиги иргадал гьабизе*)

ПЕРЕМЕЖА́//ТЬ(СЯ) *несов. чем, с чем* ирга гьабун хис-хисизе; хисун ине; **зной ~ется с прохла́дой** зама-замалдасан багIариги гьогьенги хисардула

ПЕРЕМЕ́НА *ж* **1.** (*по гл.* **перемени́ть**) хи́си **2.** (*по гл.* **перемени́ться**) хиса-баси лъугьин; хисун ин; **с ним произошла́ больша́я** ~ гьесулъ кIудияб хиса-баси лъугьана **3**. (*перерыв между уроками*) дарсазда гьоркьоб заман, перемена **4**. хиси́ ; **произошла́** ~ хиси́ ккана

ПЕРЕМЕНИ́ТЬ *сов. кого-что* 1) (*сменить*) хисизе; ~ **кварти́ру** рукъ хисизе 2) (*изменить*) хисизабизе; ~ **мне́ние** *о ком-л. лъилниги хIакъалъулъ* пикру хисизабизе

ПЕРЕМЕНИ́//ТЬСЯ *сов.* 1) (*измениться*) хисун ине, ккезе; хисаризе, хис-хисизе; **пого́да ~лась** гьава-бакъ хисана, хисун ана 2) *к кому-чему (изменить свое отношение*) *лъилгунниги (сундехунниги*) гьоркьоблъи (бербалагьи) хисизе; **он ~лся в лице́** гьев гьурмалъан хисана, хисун ана

ПЕРЕМЕ́ННЫЙ, -ая, -ое хисарулеб; **~ый ве́тер** хисарулеб (хисардулеб) гьури

ПЕРЕМЕ́НЧИВЫЙ, -ая, -ое цо хIалалда чIолареб, хеккого хисулеб, хисардулеб; ~ **хара́ктер** хеккого хисулеб гIамал-хасият

ПЕРЕМЕНЯ́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **перемени́ть(ся)**

ПЕРЕМЕРЗА́ТЬ *несов. см.* **перемёрзнуть**

ПЕРЕМЁРЗ//НУТЬ *сов.* 1) (*погибнуть от мороза*) цIорон хвезе, цIорозе; **я́блони ~ли** гIечугъутIби цIороялъ хун руго 2) *разг. (сильно озябнуть*) гIунизе, кутакалда квачазе

ПЕРЕМЕ́РИВАТЬ *несов. см.* **переме́рить**

ПЕРЕМЕ́РИТЬ *сов. что* 1) (*измерить заново*) цIидасан борцине (*кигIан бугебали*), цоги нухалъ борцине 2) (*примерить заново*) дурус ккун бугищали борцине 3) (*измерить многое*) гIемерисеб борцине 4) (*примерить многое*) дурус бугищали гIемерисеб жо борцине; ~ **все шля́пы** киналго шляпаби (щурунтIагърал) рорцине (*кинаб дурус кколебали)*

ПЕРЕМЕСИ́ТЬ *сов. что* буцизе (*гIамI, ролъ, хIамI*), кIкIвазе; кIкIукIкIазе; ~ **те́сто** хамур кIкIукIкIазе

ПЕРЕМЕСТИ́ТЬ *сов. кого-что* 1) (*переставить*) бакI хисизабизе, добегIан цузе, лъезе, батIияб бакIалде бачине; ~ **стол** стол добегIан хъурщизабизе 2) (*по службе*) батIияб хIалтIуде тIамизе

ПЕРЕМЕСТИ́ТЬСЯ *сов.* бакI хисизе, добегIан ине, хъущтIизе; цоги бакIалде гочине

ПЕРЕМЕТНУ́ТЬ *сов.* хехго *сунданиги* тIасан рехизе

ПЕРЕМЕТНУ́ТЬСЯ *сов. разг.* турхьан ворчIизе, чияр рахъалде ине, хилиплъизе; ~ **в другóй ла́герь** батIияб лагералде ворчIизе (ине)

ПЕРЕМЁТНЫЙ, -ая, -ое гъажилде рехулеб, гъажилда балеб, кьолода нахъа балеб; **~ая сумка** гъажилде рехулеб таргьа, сумка; хулжал

ПЕРЕМЕША́ТЬ *сов. что* 1) (*смешать*) журазаризе; ~ **свои́ и чужи́е кни́ги** жиндиргоги чияралги тIахьал журазаризе; ~ **гли́ну с песко́м** хIатI салигун жуба-гъубазабизе 2) (*привести в беспорядок*) низам хвезабизе 3) *разг.* (*спутать*) мекъи ккезавизе

ПЕРЕМЕША́//ТЬСЯ *сов.* 1) (*смешаться*) жубазе; **мука́ ~лась с крупо́й** ханжу курпагун жубана 2) (*перемешаться*) жуба-гъубан низам хвезе; жуба-гъубазе

ПЕРЕМЕ́ШИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **перемеша́ть(ся)**

ПЕРЕМЕЩА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **перемести́ть(ся)**

ПЕРЕМЕЩЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **перемести́ть**) бакI хисизаби, добегIан цуй, лъей; батIияб бакIалде бачин; хъурщизаби **2**. (*по гл.* **перемести́ться**) бакI хиси, добегIан ин, цоги бакIалде гочин; ~ **по слу́жбе** батIияб хъулухъалде тIами

ПЕРЕМИ́ГИВАТЬСЯ *несов. см.* **перемигну́ться**

ПЕРЕМИГНУ́ТЬСЯ *сов.* цоцазде къинкIизе, къинкIун цоцазе ишан гьабизе

ПЕРЕМИНА́ТЬСЯ *несов. разг.*: ~ **с ноги́ на ногу** кIесезе; цин-цияб бохалда чIезе

ПЕРЕМИ´ РИЕ заманалъе гьабураб рекъел; кIиябго рахъ разилъун заманалъ рагъ къотIизе тей

ПЕРЕМНОЖА́ТЬ *несов. см.* **перемно́жить**

ПЕРЕМНО́ЖИТЬ *сов. что* цоцалъ кьабизе; **~ не́сколько чи́сел** чанго рикIкIен цоцалъ кьабизе

ПЕРЕМОГА́ТЬ *несов. что разг.* хIехьезе; **~ боль** унти хIехьезе

ПЕРЕМОГА́//ТЬСЯ *несов. разг.* унтуе чучунгутIизе, загIиплъиялъе къуркъунгутIизе; **ходи́л, ~ясь** загIиплъиялъеги къуркьичIого вилълъунев вукIана (цевехун унев вукIана)

ПЕРЕМО́ЛВИТЬ *сов. разг.*: **не́ с кем сло́ва** ~ кIал кIалъазе (рагIи бицине) чицин гьечIо

ПЕРЕМО́ЛВИТЬСЯ *сов. с кем разг.* кIалъа-ралъазе (кIалъабацазе), гара-чIваризе; **~ с сосе́дом** мадугьалгун кIалъа-ралъазе

ПЕРЕМОЛО́ТЬ *сов. что* 1) (*смолоть заново*) цIидасан ххине 2) (*смолоть всё, многое*) кинабго ххине, ххун лъугIизабизе; хъурун базе, гIисин гьабизе

ПЕРЕМОЛО́ТЬСЯ *сов.* ханжу лъугьине, ханжу гIадин лъугьине, ханждаде сверизе; хъурун ине, гIисинлъун ине

ПЕРЕМОТА́ТЬ *сов.* 1) (*заново*) цIидасан жемизе; **~ ни́тки** кунал цIидасан жемизе 2) (*на что-л. другое*) цоялдаса бичун цогиялда жемизе 3) *щибниги жо* сверун жем-жемизе

ПЕРЕМУДРИ́ТЬ *сов. разг.* 1) (*запутать*) цIакъго цIодоравлъун хIазе; цIакъго цIодорал жал рицунелилан гIантал жал рицине 2) (*перехитрить*) цIакъго сихIирлъизе, сихIирлъиялъ цогидаздаса бергьине

ПЕРЕМУ´ ЧИТЬСЯ *сов. разг.* цIакъ гIазаб-гIакъуба бихьизе

ПЕРЕМЫВА́ТЬ *несов. см.* **перемы´ ть**

ПЕРЕМЫ´ ТЬ *сов. что* 1) (*вымыть заново)* цIидасан чуризе; **~ кастрю́лю** хьаг цIидасан чуризе 2) *(вымыть всё, много)* кинабго, гIемерисеб чуризе; **~ всю посу́ду** кинабго цIарагI чуризе

ПЕРЕМЫ́ЧКА *ж* къанихъарщи; *кIиго жо цолъизабизе* гьоркьоб лъолеб квегIенлъи; *хIалтIи гьабулеб бакI заманалъ лъедаса цIунизе бараб* гIимарат; *батIи-батIиял жал журачIого рукIине* гьоркьор лъолел къотIелал

ПЕРЕНАПРЯГА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **перенапря´ чь(ся)**

ПЕРЕНАПРЯЖЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **перенапря´чь**) дугъдай, кутакалда хIалуцин; дугъдазаби, кутакалда хIалуцинаби **2**. (*по гл.* **перенапря´чься**) хIалуцун лъугьин, дугъдан ин **3**. (*переутомление*) цIакъ свакай; *сундулниги* хIал, асар цIикIкIин **4**. *эл.* напряжение цIикIкIин

ПЕРЕНАПРЯ́ЧЬ *сов. что* кутакалда хIалуцине, дугъдазе

ПЕРЕНАПРЯ´ ЧЬСЯ *сов.* кутакалда хIалуцун вукIине, дугъдан вукIине

ПЕРЕНАСЕЛЁННОСТЬ *ж* халкъ (гIадамал) кутакалда гIемерлъи, цIикIкIин

ПЕРЕНАСЕЛЁНН//ЫЙ, -ая, -ое халкъ цIикIкIараб, гIемерлъараб; кколелдаса цIикIкIун гIадамал ругеб; **~ кварти́ра** кколелдаса цIикIкIун гIадамал жанир ругеб рукъ

ПЕРЕН//ЕСТИ´ *сов.* 1) *кого-что через что (переместить)* тIасан бачине; щвезабизе; **~есть ребёнка че́рез ручёй** лъимер лъар бахун добехун щвезабизе 2) *кого-что (из одного места в другое*) босизе; **~сти́ ве́щи в ко́мнату** къайи-къоно рокъобе босизе 3) *что* (*перевести в другое место*) бакI хисизе; бахъизе; **~сти́ столи́цу в но́вый го́род** тахшашар цIияб шагьаралде бахъизе 4) *что (направить в другую инстанцию*): **~сти́ де́ло в суд** дело судалде битIизе 5) *что (отложить)* нахъбахъизе; **~сти о́тпуск на октя́брь** отпуск октябралде бахъизе 6) *что (вынести, выдержать)* хIехьезе; **он ~ёс тяжёлую боле́знь** гьес захIматаб унти хIехьана 7) *что (на другую страницу)* бикьун босизе; **~сти́ сло́во** рагIи бикьун босизе (*цIияб мухъиде*)

ПЕРЕНЕСТИ́СЬ *сов.* 1) *разг.* хехго цоги батIияб бакIалде ккезе; восун лъезе; **~ на самолёте из Москвы́ на Кавка́з** самолёталъ Москваялдаса Кавказалда восун лъезе (махIги лъачIого восун лъезе) 2) *перен. (мысленно)* пикрабаз вачун цо бакIалде щвезавизе; **мысле́нно перенести́сь в де́тские го́ды** пикрабаз лъимерлъиялъул соназде вачине

ПЕРЕНИМА́ТЬ *несов. см.* **переня´ ть**

ПЕРЕНО́С *м* **1.** (*по гл.* **перенести́**) 1) цо бакIалдаса цоги бакIалде боси 2) нахъбахъи **2**. *разг. (знак*) *мухъидаса мухъиде бикьун рагIи босулаго лъолеб* ишара (-)

ПЕРЕНОСИ´ ТЬ *несов. см.* **перенести́**

ПЕРЕНОСИ´ ТЬСЯ *несов. см.* **перенести́ сь**

ПЕРЕНО́СИЦА *ж* ракьандаса мегIер, мегIералъул беразда гьоркьобакI

ПЕРЕНОСНО́Й, -ая, -ое **перено́сный,** -ая, -ое 1) (*портативный)* добе-гьанибе босизе бегьулеб (*гьитIинаб*); **~ая ла́мпа** бокьараб бакIалде босизе квегIенаб чирахъ 2) *(метафорический*) хъвалсараб магIна бугеб; **~ое значе́ние сло́ва** рагIул хъвалсараб магIна

ПЕРЕНО́СЧИК *м* унти тIибитIизабулеб рухIчIагольи; **кома́р-перено́счик маляри́и** кIкIара – бакъулунти тIибитIизабулеб жо

ПЕРЕНОЧЕВА́ТЬ *сов.* сордо базе (*кибниги*)

ПЕРЕНУМЕРОВА́ТЬ *сов. что* 1) (*пронумеровать заново)* цIидасан номерал лъезе 2) (*всё, многое*) киназдаго яги гIемерисезда номерал лъезе; **~ все страни́цы тетра́ди** тетрадалъул киналго гьурмазда номерал лъезе

ПЕРЕНУМЕРО́ВЫВАТЬ *несов. см.* **перенумерова́ть**

ПЕРЕНЯ́ТЬ *сов.* 1) *что* къабул гьабизе, мисаллъун босизе; **~ о́пыт рабо́ты** (*лъилниги*) хIалтIул хIалбихьи мисаллъун босизе 2) *кого-что* нух къан кквезе, чIезабизе; **~ скот на доро́ге** боцIи нух къан чIезабизе, кквезе

ПЕРЕОБОРУ́ДОВАНИЕ *с* (*по гл.* **переобору́довать**) цIидасан батIайиса кьваригIунел тIагIел-алатаздалъун хьезаби; кьваригIунел алатал чIезари

ПЕРЕОБОРУ́ДОВАТЬ *сов. и несов. что* цIидасан, батIайиса кьваригIунел тIагIел-алатаздалъун хьезабизе; кьваригIунел алатал чIезаризе

ПЕРЕОБУВА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **переобу́ть(ся)**

ПЕРЕОБУ́ТЬ *сов.* 1) *кого (в другую обувь*) *лъиданиги* цоги батIиял хIатIидажал ретIине; **~ мальчика** васасда цоги батIиял хIатIидажал ретIине 2) *что (сменить)* хIатIидажал (хьитал) хисизе

ПЕРЕОБУ´ ТЬСЯ *сов.* цIидасан (*жиндаго*) хIатIидажал (хьитал) ретIине

ПЕРЕОБУЧА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **переобучи´ ть(ся)**

ПЕРЕОБУЧИ´ ТЬ *сов. кого-что сундуениги* цIидасан ругьун гьавизе; цIидасан малъизе, махщел камил гьабизе, батIияб жо малъизе

ПЕРЕОБУЧИ́ ТЬСЯ *сов. сундуениги* цIидасан ругьунлъизе, батIияб лъазе

ПЕРЕОДЕВА́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **переоде́ть**) ретIел хиси (*цоги батIияб ретIин*), *лъида букIаниги* батIияб ретIел ретIин **2**. (*по гл.* **переоде́ться**) жиндаго цоги батIияб ретIел ретIин; жиндирго ретIел хиси

ПЕРЕОДЕВА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **переоде́ть(ся)**

ПЕРЕОДЕ́ТЫЙ, -ая, -ое хисун ретIел ретIарав, ретIел хисарав

ПЕРЕОДЕ́ТЬ *сов.* 1) *кого лъиданиги* батIияб ретIел ретIине, ретIел хисизе; **~ ребёнка** лъимада батIияб ретIел ретIине (ретIел хисизе); **~ больно́го в чи́стое бельё** унтарасда хисун бацIцIадаб гьоркьан ретIел ретIине 2) *что разг.* батIияв чийилан ккезе ретIел хисизе

ПЕРЕОДЕ́ТЬСЯ *сов.* 1) *во что* хисун ретIине; **~ в чи́стое пла́тье** хисун бацIцIадаб гурде ретIине 2) *кем, в кого:* **~ же́нщиной** чIужугIаданлъун ккезе гьелъул ретIел ретIине

ПЕРЕОРГАНИЗОВА́ТЬ *сов. что* батIайиса гIуцIизе

ПЕРЕОРГАНИЗО́ВАТЬСЯ *сов. и несов.* батIайиса гIуцIизе лъугьине

ПЕРЕОСВИДЕ́ТЕЛЬСТВОВАНИЕ *с* цIидасан хал гьаби, ралагьи, бугеб хIал баян гьаби; цIидасан комиссия гьаби

ПЕРЕОСВИДЕ́ТЕЛЬСТВОВАТЬ *сов. и несов. кого* цIидасан *лъилниги* бугеб хIалалъул хал гьабизе (ралагьизе); цIидасан ралагьун баян гьабизе; **~ инвали́да** гIажизав чиясул цIидасан хал гьабизе, цIидасан бугеб хIал баян гьабизе

ПЕРЕОСМЫ´ СЛИВАТЬ *несов. см.* **переосмы´ слить**

ПЕРЕОСМЫСЛИТЬ *сов. что* цIидасан, батIайиса пикру гьабизе; батIияб магIна кьезе

ПЕРЕОХЛАДИ́ ТЬ *сов. кого-что* цIикIкIун цIорозабизе (*ккколелдаса*)

ПЕРЕОХЛАДИ́ТЬСЯ *сов.* цIикIун цIорозе, цIикIкIун квачазе; ккколелдаса цIикIкIун квачазе, цIорозе

ПЕРЕОХЛАЖДА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **переохлади́ ть(ся)**

ПЕРЕОХЛАЖДЕ́НИЕ *с* цIикIкIун цIорой, цIикIкIун квачай; ккколелдаса цIикIкIун цIорой

ПЕРЕОЦЕ́НИВАТЬ *несов. см.* **переоцени́ ть**

ПЕРЕОЦЕНИ́ ТЬ *сов. кого-что* 1) (*заново оценить*) цIидасан багьа чIезабизе; цIидасан къимат кьезе; **~ това́ры** къайидул цIидасан багьа чIезабизе 2) (*дать слишком высокую оценку*) цIакъго тIадегIанаб къимат кьезе; ккколелдаса цIикIкIун багьа гьабизе; **~ свои́ си́ лы** жиндирго къуваталъе гьечIеб (бугелдаса цIикIкIун) къимат кьезе

ПЕРЕОЦЕ́НКА ж (*по гл.* **переоцени́ть**) 1) цIидасан багьа чIвай 2) ккколелдаса кIудияб къимат кьей

ПЕРЕПА́Д *м* **1.** борхалъудасан лъим гIодобе чвахи **2**. лъел хехлъи рекъезабулеб гидротехникияб гIуцIи **3**. эхеберай (эхебемухъ) **4**. бухIи-цIороялъул, тIадецуялъул, борхалъиялъул цоцазда гьоркьоб бугеб батIалъи

ПЕРЕПАДА́//ТЬ *несов.* 1) *см.* **перепа́сть** 2) (*изредка выпадать*) къанагIатго базе; **и́ зредка ~ют дожди́** къанагIатго (дагъго) цIадал рала

ПЕРЕПА́ЛКА *ж разг.* 1) *уст.* (*перестрелка*) цоцазде къвагьдей (*къвагьа-гIанхъи*) 2) (*перебранка*) цоцазде хьандей; семи; ахIи-хIур бахъараб къец, дагIба

ПЕРЕПА́РХИВАТЬ *несов. см.* **перепорхну́ть**

ПЕРЕПА́СТЬ *сов. безл. кому разг. (достаться)* бутIа-ратIа щвезе

ПЕРЕПАХА́ТЬ *сов. что* 1) (**вспаха́ть за́ново**) цIидасан бекьизе 2) (*вспахать все,многое*) кинабго, (тIолабго) бекьизе; **~ весь уча́сток** тIолабго участок (хур) бекьизе 3) (*провести поперечную борозду*) гIебса рахъ базе; **~ доро́гу** гIебса рахъ бан нух хвезабизе

ПЕРЕПА́ХИВАТЬ *несов. см.* **перепаха́ть**

ПЕРЕПА́ЧКАТЬ *сов. кого-что* цIакъ чорок гьабизе; тIолабго чорок гьабизе; **~ ру́ки в черни́ лах** щакъиялъ (щакъидулъ) кверал цIакъ чорок гьаризе

ПЕРЕПА́ЧКАТЬСЯ *сов.* цIакъго чороклъизе; тIубанго чороклъизе

ПЕРЕПЕ́В *м* **1.** цебего абураб, лъалеб жо такрар гьаби **2**. хис-хисулел кочIол гьаркьал

ПЕРЕПЕВА́ТЬ *несов. см.* **перепе́ть**

ПЕ́РЕПЕЛ м чIороло

ПЕРЕПЕЛЕНА́ТЬ *сов.* цIидасан бущине; **~ ребёнка** лъимер цIидасан бущине

ПЕРЕПЕЛИ́ Н//ЫЙ, -ая, -ое чIоролодул; **~ое гнездо́** чIоролодул бусен

ПЕРЕПЁЛКА *ж* цIочIороло

ПЕРЕПЕ́РЧИВАТЬ *несов. см.* **перепе́рчить**

ПЕРЕПЕ́РЧИТЬ *сов. что* ккколелдаса цIикIун пилпил базе

ПЕРЕПЕ́ТЬ *сов.*1) (*спеть всё, мно́гое*) кинабго, гIемер ахIизе 2) (*победи́ ть в пе́нии*) кечI ахIун *лъидасаниги* бергьине

ПЕРЕПЕЧА́ТАТЬ *сов. что* 1) (*заново напечатать с какого-л. текста*) цIидасан кинаб букIаниги текстaлдасан басмаялда бахъизе; **~ брошю́ру** брошюра цIидасан басмаялда бахъизе 2) (*на пишущей машинке*) машинкаялда кьабизе (*квералъ хъвараб*)

ПЕРЕПЕЧА́ТКА *ж* **1.** цIидасан басмаялда бахъи 2. цIидасан басмаялда бахъараб асар

ПЕРЕПЕЧА́ТЫВАТЬ *несов. см.* **перепеча́тать**

ПЕРЕПЕ́ЧЬ *сов. что* 1) *(сделать жестким, сухим)* кьваризабизе, цIикIкIун бежизабизе; бухIизабизе; **~ хлеб** чед кьвари-забизе 2) (*испечь все, многое*) кинабго бежизе; **~ все пироги́** киналго пирогал режизе

ПЕРЕПИ́ ЛИВАТЬ *несов. см.* **перепили́ ть**

ПЕРЕПИЛИ́ТЬ *сов. что* 1) (*надвое*) кIихIи хъухъазе; **~ до́ску** хъарщи кIихIи хъухъазе 2) (*распилить все, многое*) хъухъан базе; **~ все до́ски** киналго хъарщал хъухъан разе

ПЕРЕПИСА́ТЬ *сов.* 1) *что* кIиабизеги хъвазе, копия бахъизе; цIидасан хъвазе 2) *кого-что (составить список*) сияхI гьабизе, киналго хъвазе; **~ скот в колхо́зе** колхозалда боцIи рикIкIине

ПЕРЕПИ́ СКА *ж* **1.** (*по гл.* **переписа́ть**) цIидасан хъвай, копия бахъи; **~ на маши́ нке** машинкаялда цIидасан кьаби **2**. (*по гл.* **перепи́сываться**) цоцахъе кагътал хъвай **3.** (*собрание писем*) жинца хъваралги жиндихъе хъваралги кагътал, цоцахъе хъварал кагътал (*данде ракIарарал*)

ПЕРЕПИ́ СЧИК *м* копияби рахъулев чи

ПЕРЕПИ́ СЧИЦА *ж* копияби рахъулей гIадан

ПЕРЕПИ́ СЫВАТЬ *несов. см.* **переписа́ть**

ПЕРЕПИ́СЫВАТЬСЯ *несов.* цоцазде кагътал хъвазе; **~ с друзья́ ми** гьудулзабазде кагътал хъвазе

ПЕ́РЕПИСЬ *ж* пе́репись, гIемераб жоялъул яги гIадамазул цадахъ хIисаб-суал гьаби; **~ населе́ния** халкъалъул къадаралъул хIисаб гьаби, халкъалъул перепись

ПЕРЕПЛА́ВИТЬ[1] *сов. что* 1) цIидасан биине; цIидасан биун тIун цоги жо гьабизе; **~ колокола́ в пу́шки** цIурмалги риун гIарадаби гьаризе 2) кинабго, тIолабго биине

ПЕРЕПЛА́ВИТЬ[2] *сов. кого-что (по воде)* гIоралъ биччазе, гIортIасан бачине; **~ лес** къотIарал гъутIби (цIул) гIор чIван эхере риччазе, гIурулъан риччазе

ПЕРЕПЛАВЛЯ́ ТЬ[1,2] *несов. см.* **перепла́вить**[1,2]

ПЕРЕПЛАНИ́РОВАТЬ *сов. что* цIидасан план бахъизе, план хисизабизе; **~ у́лицы** къватIалъул план хисизабизе; къватIалъе цIидасан план бахъизе

ПЕРЕПЛАНИРО́ВКА *ж* (*по гл.* **переплани́ровать**) цIидасан план бахъи, план хисизаби

ПЕРЕПЛАНИРО́ВЫВАТЬ *несов. см.* **переплани́ ровать**

ПЕРЕПЛАТИ́ //ТЬ *соч. вто и без доп. сундухъниги* ккколелдаса цIикIкIун гIарац кьезе; **~л за поку́пку** бичун босараб жоялъухъ цIикIкIун гIарац кьуна

ПЕРЕПЛА́ЧИВАТЬ *несов. см.* **переплати́ ть**

ПЕРЕПЛЕСТИ́ *сов. что* 1) (*книги*) мужалатал гьаризе 2) (*перевить чем-л.*) цадахъ хъухьине; **~ косу́ ле́нтами** гъал ленталгун цадахъ хьухьине 3) (*заново*) цIидасан хьухьине; **~ распусти́ вшуюся косу́** бичун бачIараб гъал цIидасан хьухьине

ПЕРЕПЛЕ//СТИ́СЬ *сов. прям., перен.* цоцалъ жубан бу-кIине; **на по́ле вся рожь ~ла́сь** хуриб кинабго огоб цоцалъ жубан буго; **собы́тия ~лись** лъугьа-бахьинал цоцалъ журана

ПЕРЕПЛЁТ *м* **1** (*по гл.* **переплести́)** *сундулниги* хьухьун гьабураб жо, хьури **2**. *(обло́жка кни́ги*) мужалат **3**. (*оконный*) рама **4**. *перен.* захIматаб хIал; бигъараб хIал ◊ **попа́сть в ~** захIматаб хIалалде ккезе; хIинкъараб хIалалде ккезе

ПЕРЕПЛЕТА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **переплести́ (сь)**

ПЕРЕПЛЕТЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **переплести́**) 1) хьухьин 2) цоцалъ жубай **2**. (*по гл.* **переплести́ сь)** цоцалъ жубан букIин **3.** (*то, что переплетено между собой*) хьухьен; гъал; жуба-гъубай

ПЕРЕПЛЁТН//ЫЙ, -ая, -ое **1.** мужалаталъул; мужалатал гьарулеб; **~ые маши́ ны** мужалатал гьарулел машинаби **2**. *в знач. сущ.* **~ая** *ж* мужалатал гьарулеб бакI (тIахьазе мужалатал гьарулеб мастерская)

ПЕРЕПЛЁТЧИК *м* мужалатал гьарулев чи, переплётчик

ПЕРЕПЛЁТЧИЦА *ж* мужалатал гьарулей гIадан, переплётчица

ПЕРЕПЛЫВА́ТЬ *несов. см.* **переплы́ ть**

ПЕРЕПЛЫ́ ТЬ *сов. что, через что* 1) (*вплавь*) лъедон (хIор) бахине 2) (*на лодке, пароходе*) росода рекIун (*гIор*) бахине (къотIизе)

ПЕРЕПОДГОТА́ВЛИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **переподгото́виться**

ПЕРЕПОДГОТО́ВИТЬ *сов. кого-что* цIидасан хIадур гьаризе, цIидасан цIализаризе; **~ учителе́й** цIидасан учительзаби хIадур гьаризе (*махщел камил гьабизе*)

ПЕРЕПОДГОТО́ВИТЬСЯ *сов.* цIидасан хIадурлъизе, цIидасан лъай камиллъизе

ПЕРЕПОДГОТО́ВК//А *ж* **1.** (*по гл.* **переподгото́вить**) цIидасан хIадур гьари; цIидасан цIалдезари **2**. (*по гл.* **переподгото́виться**) цIидасан хIадурлъи; лъай камиллъизаби; **ку́рсы ~и** цIидасан цIалдезарулел курсал; лъай камил гьарулел курсал; **~а врачей́** тохтурзаби цIидасан хIадур гьари; тохтурзабазул лъай камил гьаби

ПЕРЕПОДГОТОВЛЯ́ТЬ//СЯ *несов. см.* **переподгото́вить-(ся)**

ПЕРЕПО́//Й *м*: *разг.* цIикIкIун гьекъей; тIокI борчIун гьекъей; **с ~я (с ~ю)** гIемер гьекъон; тIокI борчIун гьекъон

ПЕРЕПОЛЗА́ТЬ *несов. см.* **переползти́**

ПЕРЕПОЛЗ//ТИ́ *сов.* 1) *что, через что* хъурщизе; тIасан хъурщизе, хъурщун ине; хъурщун довехун вахине, ине; **~ти че́рез доро́гу** нух къотIун хъурщун ине 2) (*переместиться куда-л.*) добегIан хъурщизе; **змея́ ~ла́ на друго́е ме́сто** борохь цоги бакIалде хъурщана

ПЕРЕПО́ЛНИ//ТЬ *сов. что прям, перен.* тIасан инедухъ цIезабизе; сивсивун цIезабизе, бугIун цIезабизе ◊ **зто изве́стие ~ло моё се́рдце** гьеб хабаралъ дир ракI гIурхъулъа ун бохизабуна, гьеб хабаралъ дун кутакалда вохизавуна

ПЕРЕПО́ЛНИ//ТЬСЯ *сов.* тIасан инедухъ цIезе; сивсивун цIезе; бугIун цIезе ◊ **ча́ша (терпе́ния) ~лась** сабру лъугIана

ПЕРЕПОЛНЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **перепо́лнить(ся)**

ПЕРЕПОЛО́Х *м* ахIи-хIур, гъалмагъир, рихха-хочи; **произвести́ ~** ахIи-хIур бахъинабизе; **в до́ме был большо́й ~** рокъоб кIудияб рихха-хочи букIана

ПЕРЕПОЛОШИ́ТЬ *сов. разг. кого-что разг.* ахIи-хIур бахъинабизе; кутакалда рахIат хвезабизе, рихха-хочизаризе; **~ спя́щих** кьижарал рихха-хочизаризе

ПЕРЕПОЛОШИ́ТЬСЯ *сов. разг.* ахIи-хIур бахъине; рихха-хочи лъугьине; **~ из-за пустяко́в** жо гуреб жо сабаблъун ахIи-хIур бахъине

ПЕРЕПО́НКА *ж* пардав, хъал; *анат.* **бараба́нная ~** гIинзул пардав; **пла́вательная перепо́нка у птиц** лъедеялъе хIанчIазул килщазда гьоркьоб букIунеб тIеренаб хъал

ПЕРЕПО́РТИТЬ *сов. кого-что разг.* тIубанго хвезабизе; гIемераб жо хвезабизе; **~ рабо́ту** хIалтIи тIубанго хвезабизе

ПЕРЕПО́РТИТЬСЯ *сов. разг.* тIолабго, гIемерисеб хвезе

ПЕРЕПОРУЧА́ТЬ *несов. см.* **перепоручи́ ть**

ПЕРЕПОРУЧИ́ ТЬ *сов. что кому* жинда тIадаб жо цогиясда тIад къазе

ПЕРЕПОРХНУ́ ТЬ *сов. через что и без доп.* пархун цоги бакIалде боржун ине

ПЕРЕПОЯ́САТЬ *сов.* рачлица дугъдан къазе, рачлица бухьине

ПЕРЕПОЯ́САТЬСЯ *сов.* 1) (*опоя́саться*) жиндаго рачел къазе, борчине; 2) (*заново*) цIидасан жиндаго рачел борчине

ПЕРЕПОЯ́ СЫВАТЬСЯ *несов. см.* **перепоя́ саться**

ПЕРЕПРА́ВА *ж* **1.** (*по гл.* **перепра́вить**) дорехун ритIи **2.** (*по гл.* **перепра́виться**) дорехун ин **3.** (*место*) рахен **4.** (*переезд*) нух къотIун ине бегьулеб бакI(нух къотIун унеб бакI)

ПЕРЕПРА́ВИТЬ *сов.* 1) *кого-что (перевезти)* добехун баччизе; **~ на друго́й бе́рег** добцояб рагIалде (рахъалде) баччизе; **~ че́рез го́ры** мугIрул къотIун баччизе 2) *что (переслать)* би-тIизе; **~ письмо́ адреса́ту** кагъат жинде хъварасухъе (адресатасухъе) битIизе 3) *что разг. (исправить)* битIизабизе; **~ оши́ бочно напи́ санное сло́во** гъалатI биччан хъвараб рагIи битIизабизе

ПЕРЕПРА́ВИТЬСЯ *сов.* довехун ине, вахине, вахъизе; **~ на другу́ю сто́рону реки́** гIурул добцояб рахъалде ине; **~ че́рез го́ры** мугIрул рахун довехун ине

ПЕРЕПРАВЛЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **перепра́вить(ся)**

ПЕРЕПРЕ́//ТЬ *сов.* 1) *(испо́ртиться)* турун (ккалан, цIаккун) хвезе 2) (*слишком упреть*) белъуд хьезе, цIакъго белъине

ПЕРЕПРО́БОВАТЬ *сов. что* киналъулго татуялъул (тIагIамалъул) хIал бихьизе; **~ все ку́шанья** киналго кваналел жалазул хIал бихьизе (тIагIам бахъизе)

ПЕРЕПРОДАВА́ТЬ *несов. см.* **перепрода́ть**

ПЕРЕПРОДА́ЖА *ж* хайиралъе гIоло цебего босараб жо бичи; даран-базар гьаби

ПЕРЕПРОДА́ТЬ *сов. кого-что* цебего босараб жо хайиралъе гIоло бичизе

ПЕРЕПРОИЗВО́ДСТВО *с* бичун унелдаса цIикIкIун къайи гьаби

ПЕРЕПРЫ́ ГИВАТЬ *несов. см.* **перепры́ гнуть**

ПЕРЕПРЫ́ГНУТЬ *сов. что, через что сунданиги* тIасан кIанцIизе; **~ че́рез кана́ву** канал кIанцIизе, каналалда (рахъалда) тIасан кIанцIизе

ПЕРЕПУ́ Г *м разг.*; **от ~а, с ~у** хIинкъиялъ, хIинкъиялъул кутакалъ

ПЕРЕПУГА́ТЬ *сов. кого-что (сильно испугать)* кутакалда хIинкъизабизе (хIинкъизавизе); кара биххизабизе

ПЕРЕПУГА́ТЬСЯ *сов.* кутакалда хIинкъизе, кара биххизе; **на́смерть ~** хвелеб хIалалъ хIинкъизе

ПЕРЕПУ́ ТАТЬ *сов. что* 1) жуба-гъубазабизе, бигъинабизе; **~ни́тки** кунал ригъинаризе 2) (*привести в беспорядок*) низам хвезабизе; **~ бума́ги** кагътал цоцалъ журазаризе 3) (*спутать с чем-л.*) къосине; **~ адресá** адресал къосине

ПЕРЕПУ́ ТА//ТЬСЯ *сов.* 1) (*о нитках*) жура-гъуразе, ригъине; 2) низам хвезе; **ве́щи ~лись в чемода́не** чемоданалъур лъурал жал жура-гъуран руго

ПЕРЕПУ́ТЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **перепу́тать(ся)**

ПЕРЕПУ́ ТЬЕ *с* нухал рикъулеб яги нухал цолъулеб (журалеб) бакI ◊ **бы́ть на ~** гьабулеб жо лъаларо вукIине; таваккал гIоларо вукIине

ПЕРЕРАБА́ТЫВАТЬ *несов. см.* **перерабо́тать**

ПОВЕ//СТИ́СЬ *сов.*: **так уж ~ло́сь** гьадин билъалъун (*гIадатлъун*) ун буго; ругъунлъун ун буго; **с кем ~дёшься, от того́ и наберёшься** *посл.* лъилгун бухьен гьабуниги, гьеседа рекъараб гурони, пайдаги щоларо; (лъикIасдасан-лъикIлъи, квешасдасан-квешлъи); **и́сстари так повело́сь** цебегоялдаса (*некIогоялдаса*) нахъе гьединаб гIадат буго (гьедин ун буго)

ПОВЕ́СТК//А *ж* 1) повестка *(кивениги ахIун, учрежденияльъ (идараялъ) бачIараб къокъаб кагъат);* **~а в суд** судалде ахIун бачIараб повестка 2) гьоркьор лъолел (лъурал) суалал (масъалаби) ◊ **на ~е собра́ния** собраниялда (данделъиялда) гьоркьор лъезе ругел суалал

ПО́ВЕСТЬ *ж лит.* къиса

ПОВЕ́ТРИЕ *с* 1) *уст. (болезнь)* бахунеб, хехго тIибитIулеб унти 2) *перен. разг. (явление)* цIакъ тIибитIараб (*лъикIаб гуреб*) иш, лъугьа-бахъин

ПОВЕ́ШЕНИЕ *с* кварида вай; **казнь че́рез** ~ кварида ван гъанкъи

ПОВЕ́Я//ТЬ *сов.* 1) (*подуть*) пузе; **~л тёплый ве́тер** хинаб гьури пуна 2) *безл чем*: **~ло прохла́дой** гьогьомана, гьогьомун лъугьана, гьогьен бачIана

ПОВЗДО́РИТЬ *сов.* къацандизе, дагIбадизе; **~ из-за пустяко́в** щибго гуреб жояльe гIоло къацандизе

ПОВЗРОСЛЕ́ТЬ *сов.* кIудияв гIезе, балугьлъизе

ПОВИВА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое: **~ая ба́бка** *уст.* чIарахъан

ПОВИДА́ТЬ *сов.* 1) *кого-что разг.* вихьизе 2) *что (испытать)* хIал бихьизе

ПОВИДА́ТЬСЯ *сов. с кем-чем и без доп. разг.* цоцазда рихьизе, рихьа-рагIизе

ПО-ВИ́ДИМОМУ *вводн. сл.* балагьараб мехалъ, бихьулеб букIахъе; **~, они́ уже́ доéхали** балагьараб мехалъ (бихьулеб букIахъе), гьел доре щвана

ПОВИ́ ДЛО *с* повидло; **я́ блочное** ~ гIечул повидло

ПОВИ́ННОСТЬ *ж* тIад лъураб борч, тIадаб иш; **во́инская** ~ рагъухъанасул борч; **трудова́я** ~ захIматалъул (*хIалтIул*) борч (*хIалтIуда тIадаб иш*)

ПОВИ́НН//ЫЙ, -ая, -ое такъсирияв, гIайибияв; **ни в чём не пови́нен** щибниги гIайиб гьечIо (сундулъниги гIайиб ккечIо) ◊ **принести́ ~ую, яви́ться с ~ой** гIайибалъе (такъсиралъе) мукIурлъизе

ПОВИНОВА́ТЬСЯ *несов. кому-чему* мутIигIлъизе, гIенеккизе, малъараб гьабизе; **~ роди́ телям** эбел-инсухъ гIенеккизе (малъараб гьабизе); **~ прика́зу** буюрухъалъе (приказалъе) мутIигIлъизе

ПОВИНОВЕ́НИЕ *с* мутIигIлъи, нахъвилълъин; **вы́йти из ~я** мутIигIлъиялдаса ворчIизе

ПОВИСА́ТЬ *несов. см.* **пови́ снуть**

ПОВИ́ СНУТЬ *сов. кибниги бан*, далун хутIизе ◊ **~ в во́здухе** мухIканлъи гьечIеб ахIвал-хIалалде ккезе (сум-сараялда ван ху-тIизе)

ПОВЛЕ́ЧЬ *сов.* 1) *кого-что книжн. (потянуть за собой)* хадув цIазе 2) *что (вызвать)* ккезе, бачине; **загрязне́ние ра́ны мо́жет ~ за собо́й нагное́ние** ругъун чороклъиялъул хIасилалда рецIцI ккезе бегьула

ПОВЛИЯ́ТЬ *сов. на кого-что* асар гьабизе (*лъиениги-сундуениги*)

ПО́ВОД[1] *м* квелъ; **натяну́ть пово́дья** квелъ къазе ◊ **быть на ~у́** *у кого-л.* цIара-цIаралъуве ине, чиялда варавлъун вукIине

ПО́ВОД[2] *м* багьана; сабаб; **~ к войне́** рагъуе багьана; **без вся́кого ~а** кинаб бугониги багьанаги гьечIого ◊ **дать по́вод** багьанаялъе рес кьезе (ккезе биччазе); **по ~у** *сундулниги* хIакъалъулъ

ПОВОДИ́ТЬ[1] *сов. кого* хьвадизабизе (*добе-гьанибе*); **~ ло́шадь** чу хьвадизабизе

ПОВОДИ́ ТЬ[2] *несов. см.* **повести́**

ПОВОДО́К *м* къокъаб квелъ; **натяну́ть** ~ квелъ къазе; (*для собак*) гьведа балеб чIоло (*рачел*)

ПОВОДЫ́ РЬ *м уст. щивниги* дове-гьаниве вачун хьвадулев чи; **~ слепо́го** беццав вачун хьвадулев чи (цадахъчи)

ПОВОЗИ́ ТЬСЯ *сов. разг.* 1) *с кем-чем и без доп.* квалквадизе, машгъуллъун вукIине, *сунденигu* вуссун вукIине; **он лю́ бит ~ с детьми́** гьесие лъималазде вуссун вукIине бокьула 2) *с кем-чем, над кем-чем* тIаделъизе; **~ с зада́чей** масъалаялде тIаделъизе

ПОВО́ЗКА *ж* гьоко (*гьакал*)

ПОВОЛО́ЧЬ *сов. кого-что разг.* бехъерхъизе, бехъерхъун бачине

ПОВОРА́ЧИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **поверну́ть(ся)**

ПОВОРО́Т *м* **1.** (*по гл.* **поверну́ть**) кьуризаби, кьу́ри, све́ри **2.** (*по гл.* **поверну́ться**) кьурун вуссин **3**. (*место*) свери́, сверел, сверулеб бакI **4.** *перен. (изменение)* хиси́, хиси́ ккей ◊ **~ к лу́чшему** лъикIаб рахъалде све́ри

ПОВОРО́ТЛИВОСТЬ *ж разг.* лебаллъи, тирилъи, тулаклъи

ПОВОРО́ТЛИВЫЙ, -ая, -ое *разг.* лебалав, тирияв, тулакав

ПОВОРО́ТНЫЙ, -ая, -ое 1) (*служащий для поворота*) *щибниги* сверизабизе, кьурун буссинабизе хIалтIизабулеб 2) *перен. (переломный)* беки́, хиси́ кколеб; **~ моме́нт в исто́рии** историялда (*хехаб*) хиси, беки кколеб лахIзат (*заман*)

ПОВРЕД//И́ТЬ *сов.* 1) *кому-чему (принести вред*) зарал гьабизе, зиян гьабизе; **куре́ние ~и́т здоро́вью** хъалиян цIаялъ сахлъиялъе зарал гьабула 2) *что (испортить)* хвезабизе; **~и́ть замо́к** кIулал хвезаризе (рахай хвезабизе)

ПОВРЕЖДЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **повреди́ ть**) зарал, зиян гьаби **2.** (*поломка, изъян*) бе́ки, хвей; жагъаллъи бугеб бакI; **испра́вить ~ в прово́дке** кварил *(токалъул, телефоналъул*) жагъаллъи ккараб бакI къачIазе **3.** лъукъи; **~ ноги́ при паде́нии** гIодов ккун (гIодов кколаго) хIетIе лъукъи

ПОВРЕМЕНИ́ ТЬ *сов. с чем и без доп. разг.* дагьаб заманалъ (мехалъ) нахъбахъун тезе, кватIизабизе; ~ **с отпра́вкой телегра́ммы** телеграмма дагьаб заманалъ битIичIого тезе; ~ **не́сколько дней** чанго къоялъ нахъбахъун тезе

ПОВРЕМЁНН//ЫЙ, -ая, -ое 1) цо ккураб заманалъул; цо ккураб заманалда къватIибе биччалеб 2) заманалъухъ балалъун кьолеб; **~ая опла́та** (*хIалтIараб*) заманалъухъ балагьун (*заманалда рекъон*) кьолеб мухь

ПОВСЕДНЕ́ВН//ЫЙ, -ая, -ое щибаб къойилаб (*къоялъулаб*), чIараб, гьоркьоса къотIулареб; **~ое руково́дство рабо́той** хIалтIуе щибаб къойилаб нухмалъи; **~ые забо́ты** даимал ургъелал (*щибаб къойилал тIалаб-агъазал)*

ПОВСЕМЕ́СТНО *нареч.* кибго, киса-кибего

ПОВСЕМЕСТН//ЫЙ, -ая, -ое киса-кибегосеб, кибго букIунеб, кибго лъугьунеб; **~ое явле́ние** киса-кибего букIунеб лъугьа-бахъин

ПОВСТА́НЕЦ *м* восстаниялда, дандечIеялда гIахьаллъи гьабурав чи; дандечIей гьабурав чи

ПОВСТА́НЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое восстаниялъулаб, восстаниечагIазулаб; **~ий отря́д** восстаниечагIазул къокъа; **~ое движе́ние** восстаниечагIазул багъа-бачари, дандечIеялъулаб багъа-бачари

ПОВСТРЕЧА́ТЬ *сов. кого-что разг.* дандчIвай гьабизе; данде ккезе; данде вахъине

ПОВСТРЕЧА́ТЬСЯ *сов. кому, с кем-чем разг.* дандчIвазе; ~ **на у́лице** къотIнор дандчIвазе

ПОВСЮ́ ДУ *нареч.* кибго, киса-кибего

ПОВТОРЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **повтори́ть**) такрар гьаби **2.** (*по гл.* **повтори́ться**) такрарлъи **3**. (*повторяющееся место*) такрарлъараб бакI

ПОВТОРИ́ ТЬ *сов. что* 1) такрар гьабизе (*сказать вторично*); кIиабизеги гьабизе (*сделать вторично*); ~ **ска́занное** абураб жо такрар гьабизе; ~ **упражне́ние** упражнение (хIалтIи) кIиабизеги гьабизе 2) (*ранее заученное*) лъалеб жо (*лъазабураб жо*) такрар гьабизе; ~ **уро́к** (лъазабураб) дарс такрар гьабизе

ПОВТОРЙ//ТЬСЯ *сов.* такрарлъизе; цIидасан баккизе; лъугьине; **боле́знь ~лась** унти такрарлъана, цIидасан баккана

ПОВТО́Р//НЫЙ, -ая, -ое такрарлъараб, цоги нухалъ лъугьараб, цIидасан лъугьараб; **~ое заболева́ние** такрарлъараб унти

ПОВТОРЯ́ ТЬ *несов. см.* **повтори́ ть**

ПОВТОРЯ́ ТЬСЯ *несов. см.* **повтори́ ться; писа́тель стал** ~ хъвадарухъан (*цебеги хъвараб жо)* такрар гьабизе лъугьана

ПОВЫ́СИТЬ *сов. кого-что* тIадегIан борхизабизе, бахинабизе; цIикIкIинабизе; лъикIлъизабизе; ~ **у́ровень воды́** лъел гьумер (лъим) эхеде бахинабизе; ~ **производи́тельность труда́** хIалтIул рахъи́ борхизабизе; ~ **ка́чество проду́кции** къайиялъул лъикIлъи (качество) цIикIкIинабизе (лъикIлъизабизе); ~ **по слу́жбе** хъулухъалда тIадегIан вахинавизе ◊ ~ **го́лос** гьаракь борхун кIалъазе

ПОВЫ́СИ//ТЬСЯ *сов.* эхеде ине, борхалъизе; лъикIлъизе; бахине; **у́ровень воды́ ~лся** лъел гьумер эхеде бахана (*лъим эхеде бахана*); **ка́чество проду́кции ~лось** къайиялъул качество лъикIлъана

ПОВЫША́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **повы́ сить(ся)**

ПОВЫШЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **повы́ сить**) борхизаби, тIадегIан борхи, цIикIкIинаби, эхеде бахинаби **2.** (*по гл.* **повы́ ситься**) борхи, эхеде бахин, цIикIкIин, тIадегIанлъи; ~ **температу́ры** гьаваялъул хинлъи эхеде бахин; цIа-кан цIикIкIин, эхеде бахин; ~ **по слу́жбе** хъулухъалъ тIадегIанлъи, эхеде вахин

ПОВЫ́ШЕНН//ЫЙ, -ая, -ое цIикIкIараб, эхеде бахараб; **~ая температу́ра** цIикIкIараб цIа-кан

ПОВЯЗА́ТЬ *сов. кого-что* бухьине, къазе; ~ **ребе́нка платко́м** лъимер чIинчIоялъ бухьине; ~ **га́лстук** галстук бухьине; ~ **го́лову платко́м** чIинчIоялъ бетIер къазе (ботIрода кIаз къазе)

ПОВЯЗА́ТЬСЯ *сов. сунцаниги* живго вухьине; ~ **платко́м** чIинчIоялъ вухьине (юхьине); кIазалъ жиндирго бетIер бухьине (бетIер къазе)

ПОВЯ́ ЗКА *ж* ххамил чIоло; катан; **тра́урная ~ на рукаве́** къвалидасан борчараб (*бараб*) чIегIербаялъулаб (*пашманлъия-лъулаб*) чIоло

ПОВЯ́ ЗЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **повяза́ть(ся)**

ПОГА́Н//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*несъедобный*) кваназе бегьулареб; **~ый гриб** кваназе бегьулареб гIурдахIан 2) *разг. (предназначенный для отбросов)* хъублъиялъе бугеб, нахъ чIвараб жоялъе бугеб; **~ое ведро́** хъублъи балеб ведро 3) *разг. (отвратительный)* квешаб, нахъегIанаб, нажасаб, хъубаб; **~ое настрое́ние** квешаб рекIел хIал

ПОГАСИ́ ТЬ *сов что* 1) свинабизе; ~ **ла́мпу** чирахъ свинабизе 2) *перен. (уплатить)* бецIизе, нахъбуссинабизе; ~ **облига́цию** облигация (*заём)* бецIизе (*облигациялъухъ кьураб гIарац нахъбуссинабизе*); ~ **ста́рый долг** басрияб налъи бецIизе

ПОГА́С//НУТЬ *сов.* 1) (*потухнуть*) свине; сун ине; **папиро́са ~ла** папирос свана (*папиросалдаса цIа свана*) 2) (*о чувствах*) дагьлъизе, лъугIизе, ине ◊ **день** ~ къо ана

ПОГАША́ТЬ *несов. см.* **погаси́ ть**[2]

ПОГАШЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **погаси́ть**) бецIи; ~ **ссу́ды** къарз бецIи

ПОГИБА́ТЬ *несов. см.* **поги́ бнуть**

ПОГИ́ БЕЛ//Ь *ж уст.:* хвел ◊ **согну́ть в три ~и** цIакъ гIодоре къулизе, кIичIван къулизе; къулизавизе

ПОГИБНУТЬ сов, хвезе; заман щвелалде балагьалдалъун хвезе

ПОГИ́БШИЙ, -ая, -ое **1.** (*умерший*) хварав **2**. (*морально опустившийся*) чIагого хварав, иман сизарав, намус-яхI лъугIарав **3**. *в знач. сущ. ~ м* хварав

ПОГЛА́ДИТЬ *сов.* 1) *кого-что по чему* тIад квер бахъизе; **~ло́шадь по ше́е** чол горбода квер бахъизе 2) *что (утюгом)* битIизабизе (иту кьабизе) ◊ ~ **по голо́вке** уйилан тезе; **за э́то по голо́вке не погла́дят** гьелъулъ баркала кьоларо (щвеларо), тамихI гьабичIого толаро

ПОГЛА́ЖИВАТЬ *несов. кого-что* квер бахъизе, квер бахъулев вукIине; битIизабизе, битIа-бишизабизе; ~ **гри́ву коня** чол жал битIа-бишизабизе

ПОГЛОТИ́ //ТЬ *сов.* 1) *что (впитать)* цIузе, гьорлъ босизе 2) *кого-что перен.:* **мо́ре ~ло кора́бль** ралъадалъ гама жанибе цIана (*ралъадалъ гама къулчIана*) 3) *кого-что-перен. (увлечь)* машгъуллъизавизе 4) *что перен. (потребовать много времени и т.п.)* гIемер заман бахъизе

ПОГЛОЩА́ТЬ *несов. см.* **поглоти́ ть**

ПОГЛУПЕ́ТЬ *сов.* ахIмакълъизе, гIантлъизе

ПОГЛЯДЕ́ТЬ *сов.* 1) *на кого-что и без доп.* бала-гьалагьизе, бер речIчIизабизе, балагьизе; ~ **с удивле́нием** гIажаибго (*гIажаиблъи гьабун*) балагьизе 2) *за кем-чем разг. (присмотреть)* бер тIамизе; хал-шал гьабизе; ~ **за ребёнком** лъимада хадуб хал-шал гьабизе

ПОГЛЯДЕ́ТЬСЯ *сов.* жиндихъго балагьизе

ПОГЛЯ́ ДЫВАТЬ *несов.* 1) *на кого-что (смотреть)* хал гьабизе, хал гьабулев вукIине, балагьулев вукIине*;* ~ **по сторона́м** дове-гьаниве валагьизе 2) *за кем-чем разг. (заботиться)* хал-шал гьабизе, тIалаб-агъаз гьабизе; ~ **за детьми́** лъималазда хадуб хал-шал гьабизе

ПОГНА́ТЬ *сов. кого-что* нахъе гъезе, рачахъизе; ~ **гусе́й** хъазал нахъе гъезе (*рачахъизе*); ~ **лошаде́й вскачь** чуял ункъида кIанцIизарун риччазе (рекеризаризе)

ПОГНА́//ТЬСЯ *сов.* 1) *за кем-чем*, хадулъизе, хадур рекеризе, хадухъахъдизе; **соба́ки ~лись за за́йцем** гьаби гIанкIида хадулъана 2) *за чем разг.* хадур лъугьине; **~ться за сча́стьем** талихIалда хадув лъугьине *(талихI балагьизе)*

ПОГНИ́ //ТЬ *сов.* туризе; **шпа́лы ~ли** шпалал турун руго

ПОГНУ́ Т//ЫЙ, -ая, -ое цодагьаб гьетIараб; гьетIизабураб; **~ая труба́** гьетIараб труба

ПОГНУ́ТЬ *сов. что* цодагьаб гьетIизабизе; хьетIизабизе; къулизабизе; кIичIизабизе; сукIизабизе

ПОГНУ́//ТЬСЯ *сов.* цодагьаб гьетIизе, хьетIизе, къулизе, кIичIизе; **столб ~лся** хIуби цодагьаб хьетIана (хьетIун ана)

ПОГНУША́ТЬСЯ *сов. кого-чего, кем-чем и с неопр.* хIал къазе, рокьукълъи бижизе, рихине; нахъе кIанцIун чIезе

ПОГОВА́РИВА//ТЬ *несов. разг. (киб-кибниги зама-заманалдасан)* бицине; **~ют, что он ско́ро прие́дет** гьев хехго вачIунилан бицунеб буго (абулеб буго)

ПОГОВОРИ́ТЬ *сов. с кем, о ком-чём* кIалъа-ралъазе, гарачIваризе, гара-чIвари гьабизе; **~ о дела́х** ишазул хIакъалъулъ кIалъа-ралъай гьабизе

ПОГОВО́РК//А *ж* аби **войти́ в ~у** абилъун хутIизе (лъугьине)

ПОГО́Д//А *ж* гьава-бакъ; **хоро́шая ~а** лъикIаб гьава-бакъ; **кака́я сего́дня ~а?** жакъа гьава-бакъ кинаб бугеб? **лётная ~а** роржине бегьулеб гьава-бакъ ◊ **ждать у мо́ря ~ы** кIалдибе борта, багIаргIеч (*гIадада сунденигни божилъи гьабизе*)

ПОГОД//И́ ТЬ *сов. разг.* чIезе, балагьун чIезе *(дагьаб заманалъ);* **~и, я до тебя́ доберу́сь!** чIаха цо, щвелевин мун дихъе! ◊ **немно́го ~я́** хеккого, дагьаб заманалдасан

ПОГО́Д//ОК *м* цо соналъ гьитIинав (*яги кIудияв*); **мы с сестро́й ~ки** (*дунги яцги хадур-цере гьарудал руго*) яцалдаги дидаги гьоркьоб цо сон буго

ПОГО́ЖИЙ, -а, -ее лъикIаб (*гьава-бакъ рекъараб*) ◊ **денёк** лъикIаб къо, гьава-бакъ рекъараб къо

ПОГОЛО́ВНО *нареч.* щибаб бетIер рикIкIун (*хIисаб гьабун*)

ПОГОЛО́ВН//ЫЙ, -ая, -ое 1) щибаб бетIер рикIкIун гьабураб; **~ый счёт скота́** боцIул щибаб бетIер рикIкIун гьабураб хIисаб 2) (*всеобщий*) киназего гIаммаб (*гIахьалаб*); **~ая мобилиза́ция** киназего гIаммаб мобилизация (*рагъде хIадураб хIалалде бачин)*

ПОГОЛО́ВЬЕ *с* магIишаталда бугеб боцIул гIаммаб къадар

ПОГО́НЩИК *м* боцIи бачунев (бачун витIулев) чи

ПОГО́НЫ *мн. (ед.***пого́н** *м*) погонал; **офице́рские** ~ офицерасул погонал (гъеждакIичал)

ПОГО́Н//Я *ж* 1) (*преследование*) хадур лъугьин (*ахIуд рахъун*); **пусти́ться в ~ю за врагом́** цадахъ тушманасда хадур лъугьине 2) (*преследователи*) ахIуд рахъаразул (*хадур лъугьаразул*) къокъа 3) *перен.* хадув лъугьин; **в ~е за сла́вой** реццалда хадув лъугьун

ПОГОНЯ́ТЬ *несов. кого* 1) бацIизе, хъамизе; **~коня́** чу бацIизе; 2) *перен. разг. (торопить)* гIедегIизавизе

ПОГОРЕВА́ТЬ *сов.* къварилъахъдизе

ПОГОРЕ́//ТЬ *сов.* 1) (*сгореть*) бухIизе, бухIун лъугIизе 2) (*некоторое время*) рекIине; **свеча́ ~ла и пога́сла** хIедучирахъ рекIун букIана ва свана 3) *разг. (засохнуть от зноя*) бакъул багIариялъ (ракъдаллъиялъ) бакъвазе; **хлеба́ ~ли** ролъал (тIоролал) бакъул багIариялъ ракъвана 4) (*сгнить*) туризе 5) *перен. прост. (потерпеть неудачу)* битI ккечIого букIине, захIматаб хIалалде ккезе

ПОГОРЯЧИ́ ТЬСЯ *сов.* гьалагIъизе, щцидахине, хехдаризе

ПОГО́СТ *м (сельское кладбище*) росдал хабзал; *уст.* росдадаса тIурал килисаги бугел хабзал

ПОГОСТИ́ ТЬ *сов.* гьоболлъухъ ине *(гьоболлъи базе)*

ПОГРАНИ́ЧНИК *м* пограничник (*гIурхъи цIунулев рагъухъан*), гIурхъи цIунулев

ПОГРАНИ́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое гIорхъода бугеб; **~ый райо́н** гIорхъода бугеб район; **~ые войска́** гIурхъи цIунулел аскарал

ПО́ГРЕБ *м* ракъулъ гьабураб *щибниги* цIунулеб бакI; **пороховно́й** ~ хер цIунулеб бакI (*ракъулъ гьабураб*)

ПОГРЕБА́ТЬ *несов. см.* **погрести́** [1]

ПОГРЕБЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **погрести́** [1]) вукъи (*хварав чи хабалъ лъей*)

ПОГРЕСТИ́ [1] *сов. кого-что* букъизе (*вукъизе*) (*хабалъ лъезе*)

ПОГРЕСТИ́ [2] *сов.* лъим ххазе; **~ весло́м** раххнаца лъим ххазе

ПОГРЕ́ТЬ *сов. кого-что* хинлъизабизе, ругьи бекизабизе (*лъадал*); **~ ру́ки у пе́чки** печалда аскIор кверал хинлъизаризе

ПОГРЕ́ТЬСЯ *сов.* хинлъизе; **~ у пе́чки** печалда аскIов хинлъизе

ПОГРЕ́ШНОСТЬ *ж* гьалатI, гIунгутIи, мукъсанлъи; **допусти́ ть ~** гьалатI биччазе

ПОГРОЗИ́ ТЬ *сов. кому чем* хIинкъи кьезе, хIинкъизавизе

ПОГРО́М *м* гъури, пасат гьари, талавур гьари

ПОГРУЖА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **погрузи́ ть(ся)**

ПОГРУЖЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **погрузи́ть**) гьорлъ къазаби, жанибе бегьи, гьорлъе бегьи **2**. (*по гл.* **погрузи́ться)** гьорлъе тIерхьин, гьорлъе лъугьин

ПОГРУЗИ́ ТЬ *сов. кого-что* 1) (*опустить во что-либо*) *сунданиги* гьорлъе бичазе, бегьизе; **~ но́ги в песо́к** боцдул салулъе риччазе 2) (*товары и т.п.*) тIад лъезе; юк лъезе; **~мешки́ на маши́ну** хъапал машинаялда лъезе (*машинаялде рахинаризе*)

ПОГРУЗИ́ТЬСЯ *сов.* 1) (*опуститься во что-л.*) гьорлъе тIерхьине, букъизе; лъугьине; **~ в во́ду** тIерхьинегIан лъелъе лъугьине 2) (*произвести посадку*) рекIине, тIаде рахине; **~ в вагон́** вагоналъуве вахине, рекIине 3) *во что перен.* тIубанго цо ишалде вуссине

ПОГРУ́ ЗКА *ж* **1.** (*по гл.* **погрузи́ть**) *сунданиги* тIад къайи лъей **2.** (*по гл.* **погрузи́ться**) гьорлъе лъугьин, букъи; къайи-цIагун цадахъ *сунданиги* рекIин

ПОГРУ́ ЗОЧН//ЫЙ, -ая, -ое къайи (*юк*) тIад лъеялъе хIалтIизабулеб; **~ая маши́на** къайи лъеялъе хIалтIизабулеб машина; къайи (юк) тIад лъеялда хурхараб

ПОГРУ́ ЗЧИК *м* погрузчик, къайи тIад лъолеб (*яги тIаса бахъулеб*) машина

ПОГРЯЗА́ТЬ *несов. см.* **погря́знуть**

ПОГРЯ́ З//НУТЬ *сов. в чём прям., перен.* къазе; **колёса ~ли в гли́не** гьакал хIатIулъ (хIарщулъ) къана; **~нуть в долга́х** налъабалъ къазе (налъулъ къазе)

ПОГУБИ́ ТЬ *сов. кого-что* хвезабизе, хвалде бачине

ПОГУЛЯ́ТЬ *сов.* 1) (*совершить прогулку*) тира-сверизе 2) *разг. (повеселиться)* кеп-гIоркь гьабизе

ПОД[1] *м* печалъул тIину; печалъул чед, пирогал режизе лъолеб бакI, коралъул тIину

ПОД[2] **(ПОДО)** *предлог* **1.** 1) *с вин. п. (на вопрос «куда»)* гъоркь; **поста́вить корзи́ну ~ стол** корзина столалда гьоркь лъезе 2) (*при указании времени, возраста*) цебе; **~ Но́вый год** ЦIияб соналда цебе; 3) (*наподобие*) релълъун, релълъинабун; **отде́лать ~ мра́мор** мрамаралда релълъинабун гьабизе 4) (*снизу*) гьоркьан; **взять по́д руку** (*квер*) гъеж гьоркьан босизе (*кквезе*) 5) (*при обеспечении, гарантии*) кьун; **взять ~ распи́ску** распискаги кьун, босизе; **взять ~ зало́г** гьоркьлъалие жоги кьун, босизе 6) (*в сопровождении*) **петь ~ аккомпанеме́нт рояля** рояльги хъван, кечI ахIизе; **писа́ть ~ дикто́вку** *лъил бугониги* буюрухъалда рекъон, хъвазе; *лъица бугониги* цIалулаго, хъвазе; 7) (*при указании на назначение предмета*) *щибниги* лъолеб; **сара́й под се́но** чIар лъолеб гьор; **по́суда ~ молоко́** рахь тIезе хIалтIизабулеб цIарагI **2**. *с тв. п.* 1) (*на вопрос «где»)* гьоркь; **стоя́ ть ~ наве́сом** тIадхъелалда гьоркь чIезе 2) (*около*) аскIоб; **жить ~ Москво́й** Москваялда аскIоб (гIагарлъулъ) гIумру гьабизе 3) (*вследствие*) асаралда гьоркь, сабаблъун; **~ де́йствием со́лнечных луче́й** бакъул чIораразул асаралда гьоркь; **~ влия́нием гне́ва** ццидал асаралда гьоркь, ццин сабаблъун 4) (*заняты чем-л.*) *сунцаниги (сундуениги)* ккураб; **по́ле ~ карто́фелем** картошка бекьараб хур; **сара́й ~ се́ном** чIаралъ ккураб гьор ◊ **быть ~ наблюде́нием врача́** тохтирасул халгьабиялда (гьоркь) вукIине

ПОДАВА́ТЬ *несов. см.* **пода́ть**

ПОДАВА́ТЬСЯ *несов. см.* **пода́ться**

ПОДАВИ́ ТЬ *сов.* 1) *что* къазе, къан цIузе; **~ лимо́н** лимон къан цIузе 2) *кого-что (уничтожить)* тIагIинаризе; **~мух** тIутIал тIагIинаризе 3) *кого-что (разгромить)* къинабизе, щущахъ биххизабизе; **~ восста́ние** восстание (дандечIей) къинабизе 4) *что перен. (преодолеть)* къезабизе, къуркьизабизе, лъугIизабизе; **~ страх** хIинкъи лъугIизабизе, къезабизе, жанибго гьанкъизабизе 5) *кого-что (подчинить)* мутIигI гьабизе; **~ свои́м авторите́том** жиндирго къадруялъ мутIигI гьавизе 6) *кого-что (привести в угнетённое состояние*) гIодов чIвазавизе, инжитаб хIалалде ккезавизе

ПОДАВИ́ ТЬСЯ *сов. чем и без доп.* щокъроб къазе, гьанкъизе; **~ ры́бной ко́стью** ччугIил ракьа щокъроб къазе (ччугIил ракьаги щокъроб къан гьанкъизе)

ПОДАВЛЕ́НИЕ *с (по гл.* **подави́ть**) къинаби, щущахъ биххизаби; **~ мятежа́** мятеж къинаби; **~ стра́ха** хIинкъи жанибго къинаби (гьанкъизаби)

ПОДА́ВЛЕНН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*приглушённый*) рагIулеб-рагIулареб, жаниб бахчараб; **~ый стон** загIипаб зигарди 2) (*мрачный*) хьул къотIараб, ракI гIодоб чIвараб; **у него́ ~ое настрое́ние** гьесул хьул къотIараб рекIел хIал буго (*гьесул ракI цIакъ гIодоб чIван буго*)

ПОДАВЛЯ́ ТЬ *несов. см.* **подави́ ть** 3) 6)

ПОДАВЛЯ́ ЮЩ//ИЙ, -ая, -ее: **~ее большинство́** цIикIкIарасеб рахъ, цIикIкIарасел

ПОДА́ВНО *нареч. разг.* дагьабги цIакъ, тIадеги цIакъ; **он согла́сен, а я и ~** гьев разияв вуго, дунан абуни дагьавги цIакъ (разияв вуго)

ПОДА́ГРА *ж мед.* подагра, щукIдузул унти

ПОДА́ЛЬШЕ *нар.* нахъегIан, добегIан, рикIкIадегIан; **отодви́ нь стул ~** бакI добегIан къазабе

ПОДАРИ́ТЬ *сов. кому-чему кого-что* сайигъат гьабизе; **~ ребёнку игру́шку** лъимадуе расанкIо сайигъат гьабизе

ПОДА́РОК *м* сайигъат

ПОДА́РОЧНЫЙ, -ая, -ое сайигъаталъе кьолеб

ПОДА́ТЕЛЬ *м* документ, кагъат босун вачIарав (*витIарав*) чи

ПОДА́ТЛИВОСТЬ *ж* 1) цIаралъубе бачIин, бацIун би-лълъин, бигьаго хисизабизе кIвей 2) *перен.* (*уступчивость, сговорчивость*) цIара-цIаралъуве ин; бигьаго мутIигIлъи, бигьаго разилъи

ПОДА́ТЛИВ//ЫЙ, -ая, -ое 1) цIаралъубе бачIунеб, бацIун билъльунеб, бигьаго хисизабизе кIолеб, бокьараб форма гьабизе кIолеб 2) *перен. (уступчивый, сговорчивый)* цIара-цIаралъуве унев, бигьаго мутIигIлъулев; **~ый хара́ктер** тамахаб гIамал-хасият, чIара-хьараб гьечIеб хасият

ПО́ДАТЬ *ж ист.* магъало (налог) *(пачаясулаб Россиялда рекьарухъабазда ва мещаназда лъолеб букIараб)*

ПОДА́ТЬ *сов.* 1) *кого-что кому* кьезе; **~ портфе́ль** портфель (*кодобе*) кьезе 2) *что (кушанье)* кьезе; **~ обе́д** къадеквен кьезе 3) *кого-что* кьезе; **~ ло́шадь наза́д** чу нахъегIан кьезе 4) *что* (*доставить к месту посадки*) кьезе; **пода́ли по́езд** *рекIунеб бакIалде* поезд (бачIана) кьуна 5) *что и без доп. (дать милостыню)* садакъа кьезе; **~ ни́ щему** гьардохъанасе садакъа кьезе 6) *что и без доп. (в письменном виде)* кьезе; **~ заявле́ние в суд** судалде гIарза кьезе ◊ **~ го́лос:** 1) щибниги абизе 2) (*проголосовать*) гьаракь кьезе; **~ по́мощь** кумек гьабизе; **руко́й ~** бегьун квер гIунтIулелъуб (*аскIобегIанго*) букIине; **не ~ ви́ ду** хIал лъазабунгутIизе, хIал лъазе биччангутIизе

ПОДА́ТЬСЯ *сов.* багъаризе, цебегIан къазе; **~ вперёд** цебегIан ине; **дверь подала́сь** нуцIа рагьун бачIана; **~ в родны́ е места́** рижарал бакIазде ине (*тIад руссине*); **не́куда ~** ине бакIго гьечIо; тIокIаб рес гьечIо

ПОДА́ЧА *ж* **1.** (*по гл.* **пода́ть**) кьей, кьураб жо (*сада-къаялъе*) **2**. *спорт.* кьей; **~ мяча́** торгIо кьей

ПОДАЯ́НИ//Е *с уст.* садакъа; **жить ~ями** садакъаялъ (садакъаялдасан) бетIербахъи гьабизе

ПОДБА́ВИТЬ *сов. что, чего* дагьа-макъаб жо тIаде жубазе, базе; **~ са́хару в ко́фе** кофеялда гьорлъе цодагьабги чакар базе

ПОДБАВЛЯ́ ТЬ *несов. см.* **подба́вить**

ПОДБА́ДРИВАТЬ *несов. см.* **подбодри́ ть**

ПОДБЕГА́ТЬ *несов. см.* **подбежа́ть**

ПОДБЕЖА́ТЬ *сов.* векерун аскIове вачIине; векерун гьоркье вачIине; **~ к до́му** векерун рукъалда аскIове вачIине

ПОДБИВА́ТЬ *несов. см.* **подби́ ть**

ПОДБИРА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **подобра́ть(ся)**

ПОДБИ́ТЬ *сов.* 1) *что (гьоркь)* чIвазе; **~ каблуки́** угъдул (*гьоркь*) чIвазе; **~ подко́ву** тIикъва чIвазе 2) *что чем (подшить)* гьоркь букъизе, гьоркь кквезе; **~ шу́бу ме́хом** хъабчида гьоркьан цIоко (*махта*) кквезе (*лъезе*) 3) *кого-что на что и с неопр. разг. (подстрекнуть)* тIамизе, гьусизе 4) *что (повредить)* хвезабизе, жагъал гьабизе; **~ глаз** бер жагъал гьабизе, хвезабизе 5) *кого-что (подстрелить*) бортизабизе, хвезабизе; **~ самолёт** самолет бортизабизе; **~ танк** танк хвезабизе

ПОДБОДРИ́ ТЬ *сов. кого-что разг.* ракI-макI гьабизе, гьира базабизе (*ккезабизе*); **~ больно́го** унтарасе ракI-макI гьабизе

ПОДБОДРИ́ ТЬСЯ *сов.* гьира базе; ракI батизе

ПОДБОДРЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **подбодри́ ть(ся)**

ПОДБО́Р *м* **1. (***по гл.* **подобра́ть**) бищи, тIаса бищи; **~ ключе́й к замку́** рахаялъе кIулал рищи **2.** ◊ **(как) на ~** тIаса рищаралгIанги (*цокIалал, ращадал, релъгьарал*)

ПОДБОРО́ДОК *м* нилъу; **двойно́й ~** кIибикьараб нилъу

ПОДБОЧЕ́НИВАТЬСЯ *несов. см.* **подбоче́ниться**

ПОДБОЧЕ́НИТЬСЯ *сов. разг.* къвалакь кверал чIвазе; къвалакь кверал чIван чIезе

ПОДБРА́СЫВАТЬ *несов. см.* **подбро́сить**

ПОДБРО́СИ//ТЬ *сов.* 1) *кого-что (вверх)* эхеде рехизе; **высоко́ ~ть мяч** торгIо цIакъ эхеде рехизе 2) *безл. кого-что* эхе-эхеде рехизе; **маши́ ну си́ льно ~ло на ухáбе** гвенд бугеб бакIалда машина цIакъ эхе-эхеде рехулеб букIана 3) *что, чего (прибавить)* тIадеги рехизе, базе; **~ть дров в пе́чку** печалъубе дагьабги цIул рехизе 4) *кого-что (тайком подложить)* балъго лъезе, балъго рехизе; **~ть письмо́** балъго кагъат рехизе (лъезе) 5) *кого-что прост. (подвезти)* рехизе (*рекIинавун*); **~ть до ста́нции** станциялде рехизе (*станциялде щвезегIан рекIинавизе*)

ПОДВА́Л *м* 1) подвал (*рукъалда гьоркь ччарбилъ гьабураб бакI*); **~ для дров** цIул лъолеб подвал 2) *полигр.* хасаб статья лъураб газеталъул гьумералъул гьоркьияб рахъ

ПОДВА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое 1) подвалалъул; **~ое помеще́ние** подваллъун кколеб; подвалалъуб гIадаб (*бецIлъи*) 2) *полигр.:* **~ая статья́** газеталъул гьумералъул гьоркьияб рахъалда бахъараб статья (макъала)

ПОДВЕ́ДОМСТВЕННЫЙ, -ая, -ое *лъилниги* ихтияралда, балагьяилда, бетIергьанлъиялда бугеб

ПОДВЕЗТИ́ *сов.* 1) *кого-что* рекIинавун щвезавизе; **~** *кого-л.* **к до́му** рекIинавун рукъалда аскIове щвезавизе 2) *кого-что, чего (доставить) щибниги* тIад лъун щвезабизе, рехизе; **~ дров** цIул щвезабизе (рехизе) 3) *безл. кому разг.* баччун щвезабизе

ПОДВЕРГА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **подве́ргнуть(ся)**

ПОДВЕ́РГНУТЬ *сов. кого-что чему* цIазе, гьабизе, гIунтIизабизе, ккезабизе; **~ наказа́нию** тамихIалде цIазе; **~ осмо́тру** хал гьабизе; **~ себя́ опа́сности** живго хIинкъиялда гьоркье ккезавизе

ПОДВЕ́РГНУТЬСЯ *сов. чему (попасть в какое-л. положение*) *цо кинаб букIаниги* ахIвал-хIалалде ккезе; **~ наказа́нию** тамихIалда гьоркье ккезе; **~ кри́ тике** критикаялда гьоркье ккезе; **~ опа́сности** хIинкъиялда гьоркье ккезе

ПОДВЕ́РЖЕННОСТЬ *ж сунцаниги* хехго асар гьаби, бахин, хиси; **~ инфе́кции** унти хехго бахин

ПОДВЕРНУ́ //ТЬ *сов. что* 1) *(засучить)* гуризе; **~ рукава́** (*гурдил*) кьвалал гуризе 2) (*убавить*): **~ть фитиль** (*лампу*) чирахъ (*билта*) гIодобе кьуризе 3) (*подкрутить*) цодагьаб кьуризе; **~ть га́йку** гайка цодагьаб кьуризе ◊ **он ~л но́гу** гьесул хIетIе кьуркьун буго

ПОДВЕРНУ́//ТЬСЯ *сов.* 1) (*загнуться*) жанибехун чIван ине, сукIун ине; **одея́ ло ~лось** юргъан сукIун ун буго 2) *перен. разг.* ракIалдаго гьечIого ккезе (тIаде рехун бачIине); рес, санагIалъи ккезе ◊ **[у меня] ~лась нога́** дир бох къуркьана; **~ться под ру́ку** кверзукье щвезе

ПОДВЁРТЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **подверну́ть(ся)**

ПОДВЕ́СИТЬ *сов. кого-что* базе, дализабизе; **~ла́мпу повы́ ше** чирахъ эхедегIан базе ◊ **язы́ к хорошо́ подве́шен** (*гьесул*) кIал бегIераб буго (берцинго, эркенго кIалъазе лъала)

ПОДВЕСН//О́Й, -а́я, -о́е балеб, дализабулеб; **~а́я ла́мпа** (*къеда*) балеб чирахъ

ПОДВЕСТИ́ *сов.* 1) *кого-что* бачине, аскIобегIан бачине; щвезабизе; **~ коня́** чу щвезабизе; **~ ребе́нка к окну́** лъимер горда аскIобе бачине 2) *что (проложить*) лъезе; **~ доро́гу к заво́ду** заводалде нух лъезе (*гьабизе*) 3) *кого-что (обмануть*) рекIкI гьабизе; **он меня́ едва́ не подвёл** гьес дие рекIкI гьабизе дагьаб хутIана; **~ ито́ги** хIасилал гьаризе ◊ [**у меня**] **живо́т подвело́ от го́лода** вакъиялъ дир чохьоца яхI рехун буго (кваназе бокьун буго)

ПОДВЕ́ТРЕНН//ЫЙ, -ая, -ое гьородехун буссараб; **~ая сторона́ до́ма** рукъзабазул гьородехун буссараб рахъ

ПОДВЕ́ШИВАТЬ *несов. см.* **подве́сить**

ПО́ДВИГ *м* гьунар, бахIарчияб иш; **боевы́ е ~и** рагъулал (*рагъда гьарурал*) гьунарал

ПОДВИ́ГАТЬ *сов.* 1) *чем* рагъаризаризе; **~ па́льцами** килщаз рагъаризаризе 2) *что* сверизабизе; **~ стре́лку часов** сагIтил хъаравул сверизабизе (цебе бачине)

ПОДВИГА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **подви́нуть(ся)**

ПОДВИ́ЖН//О́Й, -а́я, -о́е рагъарулел, хьвадулел; багъаризабизе бегьулеб; цо бакIалдаса цоги бакIалде бачине бегьулеб; хехго бакI хисизе кIолеб; **~ы́е ча́сти маши́ны** машинаялъул рагъарулел(хIалтIулел) бутIаби

ПОДВИ́ЖНОСТЬ *ж* тирилъи; чIезе кIунгутIи, цо бакIалда чIунгутIи

ПОДВИ́ЖН//ЫЙ, -ая, -ое тирияв; цо бакIалда чIезе кIоларев (*чIезе къадар лъугIарав*); **~ый ребёнок** цо бакIалда чIезе кIолареб лъимер (*чIезе кIолареб лъимер*); **~ые и́ гры** цо бакIалда чIечIого гьарулел хIаял, расандаби

ПОДВИЗА́ТЬСЯ *несов.* хIалтIизе, цо иш гьабизе, цо ишалда хIалтIизе; **~ в нау́ке** гIелмуялда хIалтIизе (*гIелму гьабизе*)

ПОДВИНТИ́ТЬ *сов. что дагьабги* къазе, кьуризе; гъоркьан *сундехунниги* кьуризе, гайкабаз щула гьабизе; **~ га́йку** гайка къазе; *перен.* нервал рагъаризаризе

ПОДВИ́ НУТЬ *сов.* 1) *кого-что (переместить)* багъаризабизе, къуркьизабизе 2) *что перен. (продвинуть)* цебегIан цIазе, бачине; **~ свою́ рабо́ту** жиндирго хIалтIи цебе тIезабизе (*цебе туркIизабизе*); **~ де́ло** иш цебе тIезабизе

ПОДВИ́ НУ//ТЬСЯ *сов.* 1) цебегIан къазе; аскIобегIан къазе; **~ться к окну́** горда аскIовегIан къазе; 2) *перен.* туркIизе, цебе тIезе; **рабо́та ~лась вперёд** хIалтIи цебе туркIана (цебе тIуна)

ПОДВИ́ НЧИВАТЬ *несов. см.* **подвинти́ ть**

ПОДВЛА́СТНЫЙ, *-ая, -ое* кверщаликъ бугеб

ПОДВО́ДА *ж* чолгьоко; къайи баччулеб гьоко

ПОДВОДИ́ ТЬ *несов. см.* **подвести́**

ПОДВО́ДНИК *м* подво́дник (1 *лъелъ букъун хьвадулеб гамида вугев ралъдахъан;* 2 *лъеда гъоркь гьарулел хIалтIабазул специалист*)

ПОДВО́ДН//ЫЙ, -ая, -ое 1) лъеда гъоркь букIунеб; **~ые расте́ния** лъеда гъоркь рукIунел (*рижулел*) хурдул; **~ая часть корабля́** гамил лъелъ букIунеб бутIа 2) лъеда гъоркьан хьвадулеб, букъун хьвадулеб; **~ая ло́дка** букъун хьвадулеб гама; **~ое пла́вание** лъеда гъоркьан лъедей

ПОДВО́З *м* баччи, баччун щвезаби, баччун аскIобе щвезаби; **~ боеприпа́сов** гулла-хер аскIобе баччи

ПОДВОЗИ́ ТЬ *несов.* **подвезти́** 1), 2)

ПОДВО́Й *м* бацIцIунеб гъветI *(жинда чIор бацIцIунеб гъветI)*

ПОДВОРО́ТНЯ *ж* 1) (*щель под воротами)* кавуялдаги ракьалдаги гьоркьобакI 2) *гьеб бацизе лъолеб* хъарщи 3) *гIадамал яги машинаби хьвадизе* кьадалъ рагъун тараб бакI

ПОДВО́Х *м разг.* хIилла, рекIкI; квекIен, авара

ПОДВЯЗА́ТЬ *сов. что* бухьине, жемизе; **~ больну́ю ру́ку** унтараб квер бухьине; **~ ве́тки де́рева** гъотIол гIаркьалаби рухьине; гъоркьан бухьине; гъоркьан бачун бухьине; бортиялдаса, хъуштIиялдаса цIунизелъун бухьине

ПОДВЯЗА́ТЬСЯ *сов. щибниги жо* жиндаго тIад къазе, борчине; **~ кушако́м** ххамил рачелалъ бакъулъа къазе

ПОДВЯ́ ЗКА *ж* **1.** (*по гл.* **подвяза́ть**) бухьин, кьай, борчин **2**. (*резина*) шватарухьен

ПОДВЯ́ ЗЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **подвяза́ть(ся)**

ПОДГИБА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **подогну́ть(ся)**

ПОДГЛЯДЕ́ТЬ *сов. см.* **посмотре́ть**

ПОДГЛЯ́ ДЫВАТЬ *несов. см.* **подгляде́ть**

ПОДГНИ́ //ТЬ *сов.*1((*снизу*) гъоркьан туризе; **де́рево ~ло** гъветI гъоркьан турун буго (*рохтиялдасан турун буго*) 2) (*слегка сгнить*) дагъа-макъаб туризе; **я́блоки ~ли** гIеч дагъа-макъаб турун буго

ПОДГОВА́РИВАТЬ *несов. см.* **подговори́ ть**

ПОДГОВОРИ́ТЬ *сов. кого-что* малъун тIамизе, гьусизе; **~ ребя́ т на ша́лость** лъимал гогьдаризе, гьаглъизе малъун тIамизе

ПОДГОНЯ́ ТЬ *несов.* 1) *см.* **подогна́ть;** 2) *кого (торопить)* гIедегIизавизе

ПОДГОРА́ТЬ *несов. см.* **подгоре́ть**

ПОДГОРЕ́ЛЫЙ, -ая, -ое гъоркьан бухIараб (чIурхIараб); **~ хлеб** гъоркьан бухIараб чед

ПОДГОРЕ́//ТЬ *сов.* тIинда бухIизе, гъоркьан бухIизе; **ка́ша ~ла** карщ тIинда бухIун буго

ПОДГО́РН//ЫЙ, -ая, -ое магIарда гъоркьа бугеб (*магIрул ракьанда бугеб);* **~ая дере́вня** магIрул ракьанда (*ахада*) бугеб росу

ПОДГОТА́ВЛИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **подгото́виться**

ПОДГОТО́ВИТЬ *сов.* 1) *что* цебеккунго хIадур гьабизе; **~ материа́л для рабо́ты** цебеккунго хIалтIуе къваригIунеб материал хIадур гьабизе 2) *кого-что* хIадуризе; **~ к экза́менам** экзаменазде хIадуризе 3) *кого-что* хIадурун тезе; **~ к непри́ятному изве́стию** рокьукъаб хабар рагIилалде хIадурун тезе

ПОДГОТО́ВИТЬСЯ *сов.* хIадурлъи гьабизе, цебеккунго хIадурлъи гьабун тезе

ПОДГОТО́ВКА *ж* **1.** (*по гл.* **подгото́вить**) хIадурлъи гьаби **2**. (*по гл.* **подгото́виться**) хIадурлъи, къачIади **3**. (*запас знаний*) лъай; **у него́ хоро́шая** ~ гьесул лъикIаб лъай буго

ПОДГОТО́ВЛЕННОСТЬ *ж* хIадур вукIин; хIадурлъи букIин

ПОДГОТОВЛЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **подгото́вить(ся)**

ПОДГРЕБА́ТЬ *несов. см.* **подгрести́**

ПОДГРЕСТИ́ *сов.* 1) *что* хача-кIачан данде гьабизе, данде бакIаризе 2) (*подплыть*) лъедон *сунданиги* аскIове гIагарлъизе; *сундухъениги* лъедезе

ПОДГРУ́ ППА *ж* подгруппа (группаялъул бутIа)

ПОДДАВА́ТЬ *несов. см.* **подда́ть**

ПОДДАВА́ТЬСЯ *несов. см.* **подда́ться** ◊ **не ~ описа́нию** сурат цебе чIезабун, сипат-сурат гьабун бажарунгутIизе

ПОДДА́КИВАТЬ *несов. разг.* уго-уян тезе, тIад рекъон тезе

ПОДДА́КНУТЬ *однокра. к* **подда́кивать**

ПО́ДАННАЯ *ж кинаб бугониги* пачалихъалъул граждан-лъиялда йигей гIадан

ПО́ДАННЫЙ *м кинаб бугониги* пачалихъалъул граждан-лъиялда вугев чи

ПО́ДДАНСТВО *с* цо пачалихъалъул гражданинлъун вукIин

ПОДДА́ТЬ *сов.* 1) *что (подбросить вверх)* эхеде рехизе, кьабизе; **~ мяч ного́й** торгIо хIатица (малаца) эхеде кьабизе 2) *чего разг. (усилить)* кутаклъизабизе, тIаде жубазе, цIикIкIинабизе; **~ па́ру** хIухьел цIикIкIинабизе 3) *что разг. (в играх)* ургъунго чIвазе кьезе; **~ ша́шку** шашка ургъунго чIвазе кьезе 4) *кому прост. (ударить)* кьабизе, гIезабизе (*лъиениги)*

ПОДДА́//ТЬСЯ *сов.* 1) (*не сдержать напора*) чучизе, чухьарлъизе, хIехьонгутIизе; **дверь ~лась** нуцIаялъ хIехьечIо (*рагьизе кIвана*) 2) *на что (поверив уступить*) гуккизе чIезе, божун ккезе; **~ться на уговóры** гьигъа-шишидиялъ (тIаделъун гьариялъ) чучизе 3) (*не оказать сопротивление кому-л.) лъиданиги* данде чIунгутIизе (*лъиениги дандечIей гьабунгутIизе*)

ПОДДЕВА́ТЬ[1,2] *несов. см.* **подде́ть**[1,2]

ПОДДЕ́ЛАТЬ *сов. что* цогиялда релълъинабун, гьабизе; гуккизелъун гьересияб *щибниги* гьабизе; **~ по́дпись** чияр гъолбас релълъинабун гьабизе, гьересияб гъолбас гьабизе

ПОДДЕ́ЛАТЬСЯ *сов.* 1) *под кого-что (сделать что-л. в подражание кому-чему-л.) щибниги лъиданиги (сунданиги*) релълъун гьабизе; лъихъегониги гьабулев вукIине 2) *к кому разг.* жиндехунго лъилниги божилъи, лъикIаб бербалагьи бижизабизелъун, ургъунго гьесухъего хIазе, берцин вихьизе жал гьаризе

ПОДДЕ́ЛКА *ж* **1.** (*по гл.* **подде́лать**) *сунданиги* релълъараб, релълъинабун гьересияб жо гьаби **2**. (*подделанная вещь, имитация*) гьересиго гьабураб жо, халп

ПОДДЕ́ЛЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **подде́лать(ся)**

ПОДДЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое гьересияб, халпаб; **~ое зо́лото** гьересияб месед; **~ый докуме́нт** гьересияб документ

ПОДДЁРГИВАТЬ *несов. см.* **поддёрнуть**

ПОДДЕРЖА́НИЕ *с (по гл.* **поддержа́ть**) (*напр. порядка*) букIинаби, чIезаби; (*помощь*) кверчIвай, кумек гьаби; къабул гьаби, лъикIаблъун рикIкIин (*одобрение*) (*защита*) рахъкквей

ПОДДЕРЖА́ТЬ *сов.* 1) *кого-что* кквезе, квер чIвазе; **~ больно́го** унтарасда квер чIвазе (*гIодов ккезе виччачIого*) 2) *кого-что (оказать помощь*) кумек гьабизе 3) *кого-что (выступать в защиту)* рахъ кквезе; *~ чьё-л.* **предложе́ние** *лъил букIаниги* предложениялъул (*пикруялъул*) рахъ кквезе 4) *что (сохранить)* цIунизе; **~ поря́ док** гIадлу-низам цIунизе; **~ здоро́вье** сахлъи цIунизе ◊ ~

знако́мство лъай-хъвай щула гьабизе (*цIунизе*); ~ **свой авторите́т** жиндирго къимат цIунизе

ПОДДЕ́РЖИВА//ТЬ *несов.* 1) *см.* **поддержа́ть;** 2) *что (не прекращать)* хвезе тунгутIизе, гьоркьоб къотIизе тунгутIизе; **~ть перепи́ску с дру́гом** гьудуласухъе кагътал хъвай гьоркьоб къотIизе тунгутIизе 3) *что (служить опорой)* хIубилъун, мугъ чIвалеб бакIлъун букIине; (*тIад баччун*) кквезе; **колóнны ~ют потолóк** колоннабаз ккун буго (*ккола*) мокърукьбакI

ПОДДЕ́РЖКА *ж* **1.** (*по гл.* **поддержа́ть**) *(помощь)* кверчIвай, кумек; (*одобрение)* рахъкквей, тIадрекъей; (*защита)* цIуни **2.** (*опора*) мугъ чIвазе (чIвалеб) бакI

ПОДДЁРНУТЬ *сов. что разг.* туркIун эхеде бачине; эхеде туркIизе

ПОДДЕ́ТЬ[1] *сов. что (надеть подо что-л.)* гьоркьан ретIине; **~ сви́тер под пальто́** свитер пальтоялда гьоркьан ретIине

ПОДДЕ́ТЬ[2] *сов.* 1) *что* гьорлъ къазабун, кодобе босизе; **~ ви́лами во́рох се́на** лъен къазабун, харил гъуни кодобе босизе 2) *перен. (рагIи абун)* хIунсизе; ~ *кого-л.* **в разгово́ре** гара-чIварулаго *лъиданиги* хIунсулеб рагIи абизе

ПОДДРА́ЗНИВАТЬ *несов. см.* **поддразни́ть**

ПОДДРАЗНИ́ТЬ *сов. кого-что* валъаргъине, ццидахинавизе, ццин бахъинабизе

ПОДДУВА́ЛО *с* печалъул гьоркьан гьури базе тараб каратI; печалъул цIа бакулеб бакIалъул цIалкIу

ПОДДУВА́//ТЬ *несов.* 1) *см.* **поддýть**; 2) *безл.* цодагьаб яги гьоркьан пузе; **из-под по́ла ~ет** чIабаралда гьоркьан дагьа-макъаб пулеб буго

ПОДЕ́ЙСТВОВА//ТЬ *сов.* 1) асар гьабизе; **мои́ слова́ на него́ не ~ли** дир рагIабаз гьесие асар гьабичIо 2) цодагьаб мехалъ хIалтIизе (*дагьаб мехалъ иш гьабизе*); **игру́шка ~ла не́сколько дней и слома́лась** расанкIо чанго къоялъ хIалтIана ва (хадуб) бекана

ПОДЕ́ЛА//ТЬ *сов. что разг.:* **ничего́ не могу́ ~ с ним** *(дида)* гьесда щибниги гьабизе кIоларо; **что бы нам тепе́рь ~ть** гьанже щибгIаги нилъеца гьабилеб (сундегIаги нилъ руссинел)

ПОДЕЛИ́ТЬ *сов. кого-что* бикьизе, бикьун гIахьал гьабизе; ~ **я́ блоко пополáм** гIечI (кIихIи бикьун) гIахьал гьабизе

ПОДЕЛИ́ТЬСЯ *сов. чем с кем* 1) бикьизе, гIахьал гьабизе (бащад гьабизе); 2) *перен.* данд базе, гьоркьоб лъезе; ургъел бикьизе

ПОДЕ́ЛК//А *ж* 1) (*производство*) гIиси-бикъинаб иш, хIалтIи 2) *мн.* **~и** гIисинал *сундул ругониги* гьарурал жал; **~и из ко́сти** рокьол гьарурал жал

ПОДЕЛО́М *нареч. разг.* рекъонго; ~ **ему** рекъонго гьесие (рекъонго ккун буго; кигIан лъикI)

ПОДЕ́ЛЫВА//ТЬ *несов. разг.*: **что ты ~ешь?** сунда квалквадулев, щиб гьабулев мун вукIинев?

ПОДЁНН//ЫЙ, -ая, -ое кьол хIисабалда (къойил хIисаб гьабун) мухь кьолеб; **~ая рабóта** къойил хIисаб гьабун мухь кьолеб хIалтIи

ПОДЁНЩИК *м* къойил хIисабалда хIалтIулев чи

ПОДЁНЩИНА *ж* къойил хIисабалда гьабулеб хIалтIи

ПОДЁНЩИЦА *ж* къойил хIисабалда хIалтIулей гIадан

ПОДЁРГАТЬ *сов. кого-что* 1) тIеркIезабизе 2) цIан рахъизе

ПОДЁРГИВАНИЕ *с* 1) тIеркIей 2) тIеркIезаби

ПОДЁРГИВА//ТЬ *несов.* 1) *см.* **подёргать** 2) *безл. кого-что*: **егó всегó ~ет** гьесул къаркъалаго тIеркIолеб буго

ПОДЁРГИВАТЬСЯ *несов. см.* **подёрнуться**

ПОДЕРЖА́НИЕ *с*: **дать** *что-л.* **на** ~ заманалъ хIалтIизабизе (пайда босизе) кьезе

ПОДЕ́РЖАННЫЙ, -ая, -ое басрияб, ретIараб; ~ **костю́м** ретIараб (басрияб) костюм

ПОДЕРЖА́ТЬ *сов. кого-что (дагьаб мехалъ)* кодоб кквезе; ~ **кни́гу** тIехь кодоб кквезе; ~ **ребёнка** лъимер кодоб кквезе

ПОДЕРЖА́ТЬСЯ *сов. за кого-что* ккун чIезе; дагьаб мехалъ хутIизе

ПОДЁРНУ//ТЬ *сов. что чем* 1) бацизабизе *(тIеренаб хъалалъ)*; **реку́ ~ло льдом** гIор цIорол тIеренаб хъалалъ бацизабуна 2) хьухьазабизе; **дере́вья ~ло тума́ном** гъутIби накIкIалъ хьухьазаруна (хьухьазарун рихьулел руго)

ПОДЁРНУ//ТЬСЯ *сов.* тIеренаб хъал лъугьине; **река́ ~лась льдом** гIорда цIорол тIеренаб хъал лъугьана 2) хьухьан ине; **ху́тор ~лся тума́ном** кули накIкIалъ хьухьазабун ана (хьухьана)

ПОДЕШЕВЕ́ТЬ *сов.* учузлъизе *(багьа, къимат)*

ПОДЖА́РИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **поджа́рить(ся)**

ПОДЖА́РИСТ//ЫЙ, -ая, -ое *разг.* лъикI бежараб; (тIасан) кьеризабун бежараб; **~ая ко́рка** кьеризабураб макъар *(чадил)*

ПОДЖА́РИТЬ *сов. что* бежизе, кьеризабизе, гIанкизе *(чIер);* барсизе *(лъелъ);* ~ **мя́со** гьан бежизе; ~ **хлеб** чед кьеризабизе

ПОДЖА́РИ//ТЬСЯ *сов.* бежун бахъине, бежун лъугIизе; **картофель ~лся** картошка бежун буго

ПОДЖА́РКИ къалия

ПОДЖА́РЫЙ, -ая, -ое яравул гьабураб; ~ **конь** яравул гьабураб чу; хIалакъав, вакъварав, азарав

ПОДЖА́//ТЬ *сов. что* 1) гъоркъе рачине; **сиде́ть, ~в но́ги** бохдулги гъоркье рачун, гIодов вукIине 2) данде къазе; **~ть гу́бы** кIутIби данде къазе 3) хутIараб лъилъизе, лъилъун лъугIизабизе ◊ **~ть хвост** рачI къазе, кьандиб къазабизе (*кколелдаса хIинкьун*)

ПОДЖЕЛУ́ ДОЧН//ЫЙ, -а, -ое; **~ая железа́** *анат.* цIекIгьан

ПОДЖЕ́ЧЬ *сов. что* 1) цIа рекIинабизе; ~ **дрова** цIулада цIа рекIинабизе 2) (*совершить поджог*) цIа гъезе, цIа гъун бухIизе; ~ **дом** рукъ цIа гъун бухIизе (рукъалда цIа гъезе) 3) *разг.* чIурхIизе, бухIизе биччазе; **~пирог** пирог чIурхIизе (бухIизе) биччазе

ПОДЖИВА́ТЬ *несов. см.* **поджи́ть**

ПОДЖИГА́ТЕЛЬ *м* 1) цIа гъурав чи 2) *перен.* рагъул цIа бакулев чи, рагъде гьусулев чи

ПОДЖИГА́ТЬ *несов. см.* **подже́чь**

ПОДЖИДА́ТЬ *несов. кого-чего щивниги* вачIинегIан яги *щибниги* лъугьиналъухъ валагьун чIезе; ~ **го́стя** гьобол вачIиналъухъ валагьун чIезе

ПОДЖИ́ЛКИ *мн. разг.* накалзул щукIдул ◊ ~ **трясу́тся** *у кого-л.* накаби соролел руго (хIинкъиялъ), цIакъ хIинкъун вуго

ПОДЖИМА́ТЬ *несов. см.* **поджа́ть**

ПОДЖО́Г *м* цIа гъей, цIа гъун бухIи

ПОДЗАГОЛО́ВОК *м* литературияб яги гIелмияб асаралъул жанисеб, аслияб гуреб бетIер

ПОДЗАДО́РИВАТЬ *несов. см.* **подзадо́рить**

ПОДЗАДО́РИВАТЬ *сов. кого-что разг.* яхI бачIинабизе, яхI гъезе; гьусизе, гьесизавизе

ПОДЗАТЫ́ЛЬНИК *м* гьванщилъ зар бай (*кьаби*); гьванщилъ къабураб зар; **он получи́л** ~ гьесул гьванщилъ зар щвана

ПОДЗАЩИ́ТНАЯ *ж юр.* адвокатас судалда цIунулей гIадан

ПОДЗАЩИТНЫЙ *м юр.* адвокатас судалда цIунулев чи

ПОДЗЕМЕ́ЛЬЕ *с* ракьулъ бугеб нохъо; ракьулъ бугеб (*гьабураб*) рукъ-бакI; гIодомес

ПОДЗЕМН//ЫЙ, -ая, -ое ракьалда гъоркь, ракьулъ бугеб; ракьул чохьониб бугеб; **~ые во́ды** ракьалда гъоркь ругел лъинал; **~ые рабóты** ракьалда гъоркь гьарулел хIалтIаби; ~ **ход** ракьулъан бугеб къор, нух

ПОДЗО́Л *м* рахъуракь (*рахъу гIадаб ракь*)

ПОДЗО́ЛИСТ//ЫЙ, -ая, -ое рахъуракь гъорлъ бугеб, беэнлъи гьечIеб; **~ая по́чва** рахъуракь гъорлъ бугеб, беэнлъи гьечIеб ракь

ПОДЗО́РН//ЫЙ, -ая, -ое хъаравуллъи кквеялъе, хал гьабиялъе бугеб; хъаравуласулаб; **~ая труба́** рикIкIада бугеб жоялъухъ ралагьулеб дурнава

ПОДЗЫВА́ТЬ *несов. см.* **подозва́ть**

ПОДИ́ *прост.* **1.** *повел. от* **пойти́** ; ~ **сюда́** гьаниве вачIа **2.** *в знач. вводн. сл.* (*вероятно, пожалуй*) бегъула, балики

ПОДИВИ́ТЬСЯ *сов. кому-чему, на кого-что* гIажаиблъизе, тамашалъизе, хIикмалъизе

ПОДИРА́//ТЬ *несов.* квачалъ, хIинкъиялъ лъикIаб гьечIеб асар гьабизе, сородизавизе, гьаргъар щвезабизе

ПОДКА́ЛЫВАТЬ *несов. см.* **подколо́ть**

ПОДКА́ПЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **подкопа́ть(ся)**

ПОДКАРАУ́ЛИВАТЬ *несов. см.* **подкарау́лить**

ПОДКАРАУ́ЛИТЬ *сов. кого-что разг.* гьоркьчIел гьабизе, хъаравуллъи ккун чIезе, чан къан чIезе

ПОДКА́РМЛИВАТЬ *несов. см.* **подкорми́ть**

ПОДКАТИ́ //ТЬ *сов.* 1) *что* гиризабизе, гиризабун бачине, гиризабун щвезабизе; **~ть бо́чку к маши́ не** чирма (къали) машинаялда аскIобе гиризабун бачине 2) *разг. (быстро подъехать)* хехго (гирун) бачIине, аскIобе щвезе 3) **ста́рость ~ла** херлъи хехго тIаде щвана

ПОДКАТЙ//ТЬСЯ *сов.* гирун бачIун гIагарлъизе (*приблизиться, катясь*); гъоркье гирун ине; **мяч ~лся под сто́л** торгIо столалда гъоркье гирун ана

ПОДКА́ТЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **подкати́ ть(ся)**

ПОДКАЧА́ТЬ *сов.* 1) *что, чего* дагъабги понцIозе; кьабизе; **~ баллон** баллон дагъабги понцIозе; **~воды́** дагъабги лъим кьабизе 2) *разг. (подвести, не сделать)* гуккизе, божилъи хвезабизе, божударекIкI гьабизе; гьабунгутIизе

ПОДКА́ЧИВАТЬ *несов. см.* **подкача́ть**[1]

ПОДКА́ШИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **подкоси́ть(ся)**

ПОДКИ́ ДЫВАТЬ *несов. см.* **подки́ нуть**

ПОДКИ́ ДЫШ *м* къватIулъажо; эбел-эмен лъаларе лъимер; чияе рехараб лъимер

ПОДКИ́ НУТЬ *сов. разг. см.* **подбро́сить**

ПОДКЛА́ДК//А *ж* 1) гъоркьлъел (гъоркькквел); **пальто́ на шёлковой ~е** дарайдул гъоркьлъел бугеб пальто 2) *(то, что подкладывают для прочности)* щулалъиялъе гъоркь рекIинабураб, чIвараб жо (гъоркьчIвай)

ПОДКЛА́ДОЧН//ЫЙ, -ая, -ое гъоркьлъелалъе хIалтIизабулеб; **~ая ткань** гъоркьлъелалъе хIалтIизабулеб ххам

ПОДКЛА́ДЫВАТЬ *несов. см.* **подложи́ ть**

ПОДКЛА́СС *м биол.* подкласс (*хIайваназул, хурдузул систематикаялда рикьи*)

ПОДКЛЕ́ИВАТЬ *несов. см.* **подкле́ить**

ПОДКЛЕ́ИТЬ *сов. что* (*приклеить снизу*) гъоркьан седезе; (*приклеить*) седезе, рекIинабизе

ПОДКЛЮЧА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **подключи́ ть(ся)**

ПОДКЛЮЧИ́ТЬ *сов. что* биччазе, цолъизабизе*;* **~ газ** газ цолъизабизе (биччазе)

ПОДКЛЮЧИ́ ТЬСЯ *сов.* 1) цолъизе (*жибго*) 2) *разг.* (*примкнуть к чему-л.*) хурхине, рекIине, жубазе

ПОДКО́ВА *ж* тIикъва; **сло́манная ~** бекараб тIикъва

ПОДКОВА́ТЬ *сов.* 1) *кого-что* тIикъва чIвазе, тIикъва-магI чвазе; **~ ло́шадь** чода тIикъва чIвазе (*чол щанкIазда тIукъби чIвазе*) 2) *кого в чём перен. разг.* цебеккунго хIадур гьавизе; *кинаб букIаниги* гIелму гIатIидго малъизе

ПОДКОВООБРА́ЗНЫЙ, -ая, -ое тIикъва гIадаб (чол тIикъва гIадаб), тIикъваялда релъгъараб

ПОДКО́ВЫВАТЬ *несов.* тIукъби чIвалев вукIине

ПОДКО́ЖН//ЫЙ, -ая, -ое тIомода гъоркь бугеб; тIомолъ бугеб; **~ое впры́скивание** тIомолъе дару биччай

ПОДКОЛО́ДН//ЫЙ, -ая, -ое; ◊ **змея́ ~ая** *фольк.* ургьибеги унеб, нахъеги бачIунеб борохь (*макруяв, хIинкъи цIикIкIарав чи*)

ПОДКОЛО́ТЬ[1] *сов. что* 1) рукIкIен чIван тIадехун щула гьабизе; **~ косу́** гъал тIадехун (*гурун, чIвазабун*) щула гьабизе 2) рекIинабизе; **~ спра́вку к заявле́нию** справка гIарзаялда рекIинабизе (*чIвазе*) (*рукIкIеналъ, горочIвадалъ*)

ПОДКОЛО́ТЬ[2] *сов. что, чего* хъвалхьине; **~ дров** цIул (*гIощтIоца*) хъвалхьине

ПОДКОМИ́ ССИЯ *ж* подкомиссия (кумекалъулаб комиссия)

ПОДКОНТРО́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое контролалда бугеб, тIад контроль бугеб

ПОДКО́П *м* **1.** (*по гл.* **подкопа́ть**) гъоркьан бухъи **2.** (*подземный ход*) ракьулъан бухъун гьабураб нух (*сунданиги гъоркье*) **3**. *перен. разг.* хоб бухъи; балъго ургъараб квешлъи

ПОДКОПА́ТЬ *сов. что* гъоркьа бухъизе; **~ де́рево** гъотIода гъоркьа бухъизе (гъветI бухъизе)

ПОДКОПА́//ТЬСЯ *сов.* 1) *подо что* ракьги бухъун *сунданиги* гъоркье раккизе 2) *под кого что перен разг.* балъго гIунгутIаби ралагьизе, багьнал гьаризе; гIайибал гIунтIизаризе

ПОДКО́РМ *м с.-х* **1.** (*по гл.* **подкорми́ть**) лъикI хьихьи, кьара гьаби **2**. (*добавочный корм*) боцIуе тIадеги кьолеб рагIихер, кIалцIи

ПОДКОРМИ́ТЬ *сов.* 1) *разг. кого* лъикI кваназавун сахлъизавизе; **~ больно́го ребёнка** унтараб лъимер лъикI кваназабун сахлъизабизе 2) *что с.-х.* рекьарал жалазде беэнлъи, рак щвазе (базе)

ПОДКОРМКА *ж* 1) (*по гл.* **подкорми́ть**) *то же, что* **подко́рм** 2) рекьарал жалазде рак, беэнлъи щвай; ракь беэн гьаби

ПОДКОСИ́//ТЬ *сов.* 1) *что* гIодоб цузабун бецизе; **~ть траву́** хер гIодоб цузабун бецизе 2) *кого перен. (свалить с ног)* вецун рехизе (*гIодов лъезе*); **пу́ля его́ ~ла** гуллица гьев вецун рехана (*гIодов лъуна*) 3) *кого перен.* (*лишить сил*) рухI бахъизе; гIодов ккезавизе, гIодов чIвазавизе; **боле́знь ~ла его́** унтиялъ гьев гIодов ккезавуна (лъуна)

ПОДКОСИ́//ТЬСЯ *сов.:* **у меня́ но́ги ~лись** дир бохдул сукI-сукIун ана (*загIиплъиялъ, свакаялъ, хIинкъиялъ)*

ПОДКРА́ДЫВАТЬСЯ *несов. см.* **подкра́сться**

ПОДКРА́СИТЬ *сов. что* цIидасан белъине (*лажбар бахине*); кьер хисизабизе; дагьа-макъаб белъине (*кьер гьабизе*)

ПОДКРА́СИТЬСЯ *сов. разг.* дагьабго жо жиндирго гьурмада бахине (*гIанаби, кIутIби релъине)*

ПОДКРА́СТЬСЯ *сов.* лъачIого нахъасан вачIине (*аскIове гIагарлъизе*), гьаругьин гIагарлъизе; **~ к окну́** гьаругьинан гордухъе гIагарлъизе

ПОДКРА́ШИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **подкра́сить(ся)**

ПОДКРЕПИ́ТЬ *сов.* 1) *что* щула гьабизе; **~ забо́р подпо́ркой** чали хIубиги чIван щула гьабизе 2) *кого-что (придать сил)* жан, къуват кьезе 3) *что перен.* щула гьабизе; **~ сло́во де́лом** рагIи ишалдалъун щула гьабизе (*бихьизабизе*)

ПОДКРЕПИ́ ТЬСЯ *сов.* щулалъизе; рухI бачIинабизе; дагьа-макъаб жо кваназе; **~ пе́ред доро́гой** нухда рахъиналде кваназе

ПОДКРЕПЛЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **подкрепи́ ть**) щула гьаби **2**. (*по гл.* **подкрепи́ ться**) щулалъи, рухI бачIин **3**. *воен.* рагъулал ишазе, ралел бакIазде кумекалъе битIулеб къокъа

ПОДКРЕПЛЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **подкрепи́ ть(ся)**

ПОДКРУТИ́ТЬ *сов. что* щула гьабун кьуризе; **~ шуру́п** бурав щула гьабун кьуризе (*лъикIаб хIалалъ къазе*)

ПОДКРУ́ ЧИВАТЬ *несов. см.* **подкрути́ ть**

ПО́ДКУП *м* гъоркьан вичун воси; ришват кьун жиндирго рахъалде цIай

ПОДКУПА́ТЬ *несов. см.* **подкупи́ ть**

ПОДКУПИ́ТЬ *сов.* 1) *кого-что* вичун восизе (*ришваталдалъун жиндирго рахъалде гьетIизавизе, цIазе*) 2) *кого-что перен.* хIайран гьавизе, вокьизавизе; **~ свое́й доброто́й** жиндирго ракIлъикIлъиялъ (*щивниги*) хIайран гьавизе

ПОДЛА́ДИТЬ *сов.* рекъезабизе, данде ккезабизе (*гьаракь*)

ПОДЛА́ДИТЬСЯ *сов. кому-чему разг.* 1) гьаракь-бакъан рекъон ккезе 2) *перен.* данде ккезе, гIамал-хасият рекъезе

ПОДЛА́ЖИВАТЬСЯ *несов. см.* **подла́диться**

ПО́ДЛЕ *предлог с род. п.* аскIоб, гIагарда; **он сиди́ т ~ меня́** гьев дида аскIов гIодов чIун вуго

ПОДЛЁДНЫЙ, -ая, -ое цIорода гъоркь бугеб; цIорода гъоркь гIумру гьабулеб; **~ лов ры́бы** цIорода гъоркьа ччугIа кквей

ПОДЛЕЖ//А́ТЬ *несов. чему* ккезе; **~ит возвраще́нию** тIад (нахъ) буссинабизе ккола; **не ~ит сомне́нию** щакълъизе бакI гьечIо; **~ать обложе́нию нало́гом** тIад налог (магъало) лъезе ккезе; **не ~ит оглаше́нию** къватIиб лъазе (бицине) бегьуларо

ПОДЛЕЖА́ЩЕЕ *с грам.* подлежащее

ПОДЛЕЗА́ТЬ *несов. см.* **подле́зть**

ПОДЛЕ́ЗТЬ *сов.* хъурщун гъоркье лъугьине; гъоркье хъурщизе; **~ под стол** столалда гъоркье хъурщизе

ПОДЛЕТА́ТЬ *несов. см.* **подлете́ть**

ПОДЛЕТЕ́//ТЬ *сов.* 1) боржун аскIобе гIагарлъизе 2) *разг. (подскочить*) *сунданиги* гъоркье щвезегIан боржине, эхеде кIанцIизе; **мяч ~л к са́мому потолку́** торгIо мокърукъе щвезегIан боржана (эхеде кIанцIана)

ПОДЛЕ́Ц *м* хIалихьат, хIарамзада, угъраш, къадарав чи

ПОДЛЕ́ЧИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **подлечи́ ть(ся)**

ПОДЛЕЧИ́ ТЬ *сов. кого-что разг.* дагьа-макъаб дару гьабизе; **~ больну́ю но́гу** унтараб бохалъе (хIатIие) дагьа-макъаб дару гьабизе; дару гьабун сахлъи рукIалиде ккезабизе

ПОДЛЕЧИ́ТЬСЯ *сов. разг.* жиндиего дагьа-макъаб дару гьабизе; **~ на куро́рте** курорталда дагьа-макъаб дару гьабизе

ПОДЛИВА́ТЬ *несов. см.* **подли́ ть**

ПОДЛИ́ ВКА *ж* подли́ вка (*тIагIам цIикIкIине кванде тIолеб жо*); **сла́дкая ~** гьуинаб подливка (тIаде тIолеб жо)

ПОДЛИ́ ЗА *м, ж разг.* суркIачIикI; хIелхIедулев чи, бадибе рецц-бакъ гьабулев чи

ПОДЛИЗА́ТЬ *сов.* лъугIизегIан чIикIизе, чIикIун лъугIизабизе

ПОДЛИЗА́ТЬСЯ *сов. см.* **подли́ зываться**

ПОДЛИ́ ЗЫВАТЬСЯ *несов. к кому разг.* хIелхIедизе, бадибе рецц-бакъ гьабизе; лъурлъудизе

ПО́ДЛИННИК *м* подлинник, оригинал, документ (*копия гуреб, жибго документ*)

ПО́ДЛИННОСТЬ *ж* унго-унголъи, хIакъаб букIин; кьучIаб букIин **~ докуме́нта** документ хIакъаб букIин

ПО́ДЛИНН//ЫЙ, -ая, -ое 1) хIакъикъияб, аслияб; **~ый докуме́нт** хIакъикъияб документ; 2) (*истинный*) унго-унгояб; **~ый друг** унго-унгояв гьудул

ПОДЛИ́ТЬ *сов. что, чего сунданиги* гьорлъе тIезе; тIаде тIун жубазабизе; **~ молока́ в ко́фе** кофеялда гьорлъе рахь тIезе (*кофеялде рахь тIезе*) ◊ **~ ма́сла в ого́нь** цIадабе нарт тIезе, ругънаде цIан щвазе

ПО́ДЛИЧАТЬ *несов.* хIалихьалъизе, нахъегIанлъизе

ПОДЛО́Г *м* хIарам; **преда́ть суду́ за ~** хIарамалъе (*хIарам гьабияльe*) гIоло судалде (диваналде) кьезе; *сунданиги* релъльун, халпаб куцалъ гуккизе гьабураб жо

ПОДЛОЖИ́ ТЬ *сов. что* 1) гьоркь лъезе; **~ ка́мень под колесо́** гьакида (гьакибералда) гьоркь гамачI лъезе 2) *чего (подбавить*) дагьабги лъезе; **~ дров в печь** печалъуб дагьабги цIул лъезе 3) (*положить тайком*) балъго лъезе ◊ **~ свинью́** *кому-л.* расги лъачIого (балъго) гIезабизе (хIалихьатаб жо гьабизе)

ПОДЛО́ЖН//ЫЙ, -ая, -ое гьересияб; **~ые докуме́нты** гьересиял документал

ПОДЛОМИ́ ТЬ *сов.* 1) *что* гьоркьан цодагьаб бекизе, гьоркьа бекизе 2) *кого-что перен.* кьуркьизавизе (*векизавизе*)

ПОДЛОМИ́ //ТЬСЯ *сов.* 1) бек-бекун ине; **лёд ~лся** цIер бек-бекун ана 2) *(о ногах, коленях)* загIиплъиялъ, свакаялъ сукIун ине, рекун ине

ПО́ДЛОСТЬ *ж* хIалихьалъи, къабихIлъи, нахъегIанлъи

ПО́ДЛЫЙ, -ая, -ое хIалихьатаб, нахъегIанаб, къабихIаб; **~ челове́к** хIалихьатав, нахъегIанав чи

ПОДМА́ЗАТЬ *сов.* 1) *что* нах бахине; **~ колёса** гьаказда нах бахине; **~ гу́бы** кIутIби релъине (*кIутIбузда бахине*) 2) жужазе, кьватIалаби инаризе; **~ пе́чку** печь жужазе, кьватIалаби инаризе (бохьизе) 3) *кого-что перен. прост.* ришват кьезе (нах бахине; гьоркьан дагьаб жо баккизабизе)

ПОДМА́ЗАТЬСЯ *сов. разг.* 1) тIад дагьаб жо бахине (*гьурмада, кIутIбузда*); гьурмада оба бахине, гьумер белъине 2) *к кому перен. прост. лъиениги* хIелхIедун, рецц гьабун живго вокьизавизе

ПОДМА́ЗЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **подма́зать(ся)**

ПОДМАНДА́ТН//ЫЙ, -ая, -ое *полит.* мандаталда гьоркь бугеб; **~ая террито́рия** мандаталда бугеб (*гьоркье кколеб*) территория (*ракь*)

ПОДМА́НИВАТЬ *несов. см.* **подмани́ ть**

ПОДМАНИ́ТЬ *сов. кого-что разг. ишан гьабун* аскIобе бачIинабизе (*ахIизе*); **~ котёнка** катитIинчI аскIобе бачIинабизе

ПОДМА́СЛИВАТЬ *несов. см.* **подма́слить**

ПОДМА́СЛИТЬ *сов. что сундулъниги* дагьабги нах лъезе, нах бахине; **~ сковоро́дку** цIопида (зайданалда) нах бахине, цIопинибе нах рехизе

ПОДМАСТЕ́РЬЕ *м* устарасул кумекчи, хадучи

ПОДМА́ХИВАТЬ *несов. см.* **подмахну́ть**

ПОДМАХНУ́ ТЬ *сов. что разг.* хъинтIизе, хехго гъолбас гьабизе; **~ заявле́ние** хехго (*гIедегIалихъе*) гIарзаялда гъолбас гьабизе

ПОДМА́ЧИВАТЬ *несов. см.* **подмочи́ ть**

ПОДМЕ́Н *м*, **подме́на** *ж* гьересияб яги лъачIого (*гьабураб*) ккараб хиси; **~ докуме́нтов** документал лъачIого хиси, хисун ккей; **~ дежу́рного** дежурный хи́си

ПОДМЕ́НИВАТЬ *несов. см.* **подмени́ ть**

ПОДМЕНИ́ ТЬ *сов. кого-что* 1) (*тайно заменить*) **~ кало́ши** балъго калошал хисизе 2) (*заменить на время*) **~ дежу́рного** заманалъ дежурный хисизе

ПОДМЕНЯ́ ТЬ *несов. см.* **подмени́ ть**

ПОДМЕРЗА́ТЬ *несов. см.* **подмёрзнуть**

ПОДМЁРЗ//НУТЬ *сов.* дагьа-макъаб цIорозе; тIеренабго цIер чIвазе; **лу́жи ~и** хIоразда тIеренаб цIер чIвана (цIорол хъал къана)

ПОДМЕСИ́ ТЬ *сов. что, чего* хамуралда гьорлъе ханжу жубазе (*ханжу жубан, буцизе, кIкIвазе*); **~ муки́ в те́сто** хамуралда гьорлъе буцулаго ханжу жубазе

ПОДМЕСТИ́ *сов. что* лъухьизе; **~ пол** чIабар лъухьизе (лъахъвазе), лъухьун бацIцIад гьабизе

ПОДМЕТА́ТЬ *несов. см.* **подмести́**

ПОДМЕ́ТИТЬ *сов. кого-что* хал ккун хIисабалде босизе; хал гьабун лъазе, тIатинабизе; **~ недоста́тки** гIунгутIаби лъазаризе, тIатинаризе

ПОДМЁТК//А *ж* тIикъва; лаб; **ко́жаная подмётка** хьвацIил тIикъва; **подби́ ть ~и** тIукъби чIвазе ◊ **он ему́ в ~и не оди́ тся** гьев гьасул къотIун рехараб малъалъул багьаяв гьечIо; гьасул тIикъваялъул багьаяв гьечIев чи вуго гьев

ПОДМЕЧА́ТЬ *несов. см.* **подме́тить**

ПОДМЕША́ТЬ *сов. что, чего* багъарулаго, жубазабулаго тIаде щвазе (*базе*); **~ песку́ в цеме́нт** цемент багъарулаго тIаде сали базе

ПОДМЕ́ШИВАТЬ[1] *несов. см.* **подмеси́ ть**

ПОДМЕШИВАТЬ[2] *несов. см.* **подмеша́ть**

ПОДМИ́ ГИВАТЬ *несов. см.* **подмигну́ть**

ПОДМИГНУ́ ТЬ *сов. кому* ишан гьабун кьинкIизе

ПОДМИНА́ТЬ *несов. см.* **подмя́ ть**

ПОДМО́Г/А *ж разг.* кумек, квербакъи; **прийти́ на ~у** кумекалъе рачIине

ПОДМОКА́ТЬ *несов. см.* **подмо́кнуть**

ПОДМО́КНУТЬ *сов.* гьоркьан дагьа-макъаб биччизе; **се́но подмо́кло** хер гьоркьан биччун буго

ПОДМОРА́ЖИВАТЬ *несов. см.* **подморо́зить**

ПОДМОРО́ЗИ//ТЬ *сов. безл.* цIорозе тезе; дагьа-макъаб цIорозабизе, квачалъ хвезабизе; цIорой кIанцIизе; **сего́дня подморо́зило** жакъа цодагьаб квач (*цIорой*) кIанцIана

ПОДМО́СТКИ *мн* 1) (*настил*) (*заманалъе*) борхизабун хъарщи кьабун гьабураб бакI 2) (*сцена*) сцена (*театралъул сцена, артистал цере рахъунеб, концерт кьолеб бакI*)

ПОДМО́ЧЕНН//ЫЙ, -ая, -ое *разг. (запятнанный)* тIанкI лъураб, къимат хвараб; **~ая репута́ция** къимат хвараб сий (*къадру*), тIанкI лъураб къадру-къимат

ПОДМОЧИ́ТЬ *сов. что* дагьа-макъаб биччизабизе; гьоркьан биччизе тезе; **~ таба́к** тамахьо гьоркьан биччизе тезе

ПОДМЫВА́//ТЬ *несов. см.* **подмы́ть** ◊ **меня́ так и ~ет сказа́ть об э́ том** гьелъул хIакъалъулъ абизе гьира бахъунеб буго дир *(абичIого чIезе кIолеб гьечIо)*

ПОДМЫ́ //ТЬ *сов.* 1) *кого-что* чуризе; **~ ребёнка** лъимадул *щибниги бакI* (*кьвалакьбакI, кьан-квачI*) чуризе 2) *что (наскоро вымыть*) гIедегIалихъе чуризе; **~ть пол** чIабар гIедегIалихъе чуризе, дагьа-макъаб чуризе 3) *что (размыть снизу)* чучазабизе, гьоркьан чуризе; **река́ ~ла бе́рег** гIоралъ рагIал чучазабуна

ПОДМЫ́ ШКИ *мн (ед.* **подмы́ шка** *ж*) кьвалакьбакIал; **нес-ти́ под мы́шкой** кьвалакъ ккун босизе; **взять под мы́шки** кьвалакье босизе (*бачине*)

ПОДМЯ́ТЬ *сов. кого-что* гура-шурун гьоркь лъезе; **~ под себя́ проти́ вника** дандеяв гура-шурун жиндаго гьоркь лъезе

ПОДНЕБЕ́СЬЕ *с* гьоркьзобал; зодобакI; борхалъи; **орёл подня́ лся в ~** цIум борхалъуде бахана

ПОДНЕВО́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое 1) (*зависимый*) чияр кверщаликь вугев, чияда варав; **~ челове́к** чияр кверщаликь вугев чи 2) (*принудительный*) хIалица гьабизабулеб

ПОДНЕСТИ́ *сов.* 1) *кого-что (приблизить)* аскIобегIан кквезе; **~ кни́гу к све́ту** тIехь канлъудегIан кквезе; **~ ребёнка к окну́** лъимер, кодоб ккун, горда аскIобегIан бачине 2) *что кому* кьезе, сайигъат гьабизе; **~ стака́н вина́** чагъиралъул стакан кьезе; **~ буке́т цвето́в** тIугьдузул квацIи кьезе (*сайигъат гьабизе*) 3) *что (доставить*) щвезабизе; **~ патро́ны в око́пы** патронал хандакъазде щвезаризе

ПОДНИМА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **подня́ ть(ся)**

ПОДНОВИ́ ТЬ *сов. что* цIигьабизе, цIилъизабизе

ПОДНОВЛЯ́ ТЬ *несов. см.* **поднови́ ть**

ПОДНОГО́ТН//АЯ *ж разг.*: **узна́ть всю ~ую** кинабго балъголъи лъазе *(кигIан гьитIинабги, щибго течIого),* балъго гьабуралъул унго-унгояб хIакъикъат лъазе

ПОДНО́ЖИЕ *с* ахалъи, ракьанлъи; **~ горы́** мугIрул ахалъи

ПОДНО́ЖК//А *ж* 1) (*ступенька*) вагоназул, машинабазул далараб хIетIечIел 2) *разг. (удар ногой)* бох кьаби (*мал бай*), цебе бох кквей ◊ **дать ~у** *кому-л.* балъго *лъиениги* квешлъи гьабизе

ПОДНО́ЖНЫЙ, -ая, -ое: **~ корм** гIодосан бугеб (*бижараб*) кваназежо

ПОДНО́С *м* пандуз, тIибитIараб гъадаро, тепси

ПОДНОСИ́ ТЬ *несов. см.* **поднести́**

ПОДНОШЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **поднести́**) сайигъат гьаби, хIурмат гьабун, щибниги жо кьей **2**. (*подарок*) сайигъат; адабхIурмат гьабун кьураб жо

ПОДНЯ́ ТИЕ *с* **1.** (*по гл.* **подня́ть**) борхи, борхизаби, кодобе боси, эхеде боси 2. (*по гл.* **подня́ться**) борхи, эхеде бахъин, тIаде ин, эхеде ин

ПОДНЯ́ ТЬ *сов.* 1) *кого-что (с земли и т.п.*) кодобе босизе; **~ упа́вший плато́к** гIодобе бортараб кIаз кодобе босизе 2) *кого-что* (ракьалдаса) эхеде босизе; **~чемода́н** чемодан эхеде (кодобе) босизе 3) *кого-что (наверх)* эхеде бахъизе, тIаде бахъизе; **~ я́щик на черда́к** ящикI чердакалде бахъизе 4) *что (придать более высокое положение*) борхизе; **~ ру́ку** квер (*эхеде*) борхизе; **~ флаг** байрахъ борхизе 5) *кого-что (придать стоячее положение)* бахъинабизе, бахъун чIезабизе

ПОДНЯ́ //ТЬСЯ *сов.* 1) (*вверх*) бахине, бахъине; **~ться на го́ру** магIарде вахине 2) (*переместиться выше*) эхеде ине; **за́навес ~лся** пардав (*занавес*) эхеде ана 3) (*встать*) тIаде ва-хъине; **~ться с ме́ста** гIодов чIаралъуса тIаде вахъине 4) (*стать более высоким*) дагъабги борхалъизе 5) (*ввысь*) эхеде ине 6) *перен. (вздораживаться)* багъа-бачари ккезе 7) *перен.* (*увеличиться*) цIикIкIине; **производи́тельность труда́ ~лась** хIалтIул рахъи́ цIикIкIана 8) *перен. (улучшиться)* лъикIлъизе, лъикI лъу-гьине; **настрое́ние ~лось** рекIел хIал лъикIлъана 9) (*подойти*) бачIине, боргьине; **те́сто ~лось** реччеб бачIун буго 10) (*возникнуть*) бахъине, лъугьине; **~лся ве́тер** гьури бахъана 11) (*тронуться с места*) чIараб бакIалдаса багъаризе 12) (*начаться*) байбихьизе ◊ **~ться на́ ноги** а) (*после болезни*) сахлъизе, тIаде вахъине кIвезе б) гIадамалъе вахъине, рухI речIчIизе

ПО́ДО *предлог* **«под» –** гьоркь (*хадуregIел – послелог*): **~ льдом** цIорода гьоркь

ПОДОБА́//ТЬ *несов. безл. кому-чему с неопр.* рекъезе, мустахIикъаб букIине; **так поступа́ть не ~ет** гьедин гьабизе рекъон гьечIо (*мустахIикъаб гьечIо*)

ПОДО́БН//ЫЙ, -ая, -ое релълъараб, гIадинаб; **~ый слу́чай был в про́шлом году́** гьелда релълъараб лъугьа-бахъин араб сональги букIана; **поступи́ть ~ым о́бразом** гьелда релълъараб куцалъ гьабизе, гьединабго куцалъ гьабизе; **~ые треуго́льники** *мат.* релълъарал лъабокIонал

ПОДОБОСТРА́СТНЫЙ, -ая, -ое хIелхIедулев; лемхIараб мутIигIлъиялъул

ПОДОБРА́ТЬ *сов.* 1) *что (поднять, собрать*) бакIаризе, бищизе; **~ рассы́ панные бума́ги** щущан арал кагътал ракIаризе 2) *кого-что (выбрать нужное)* къваригIунеб тIаса бищизе 3) *что (убрать)* бакIа-бахаризе; **~ во́лосы** рас бакIа-бахаризе 4) *что (поджать)* данде къазе; **~ гу́бы** кIутIби данде къазе 5) *что (подтянуть*) чIоло-квара (*квелъ*) къазе (бакIаризе)

ПОДОБРА́//ТЬСЯ *сов.* 1) (*образоваться*) данделъизе, лъугьине, гIезе; **~ лся хоро́ший коллекти́в** лъикIаб коллектив лъугьана 2) *к кому-чему (подкрасться)* лъачIого аскIобегIан къазе; **~ться к две́ри** цIогьохъе нуцIихъе гIагарлъизе

ПОДОБРЕ́ТЬ *сов.* лъикIав лъугьине, хIалимав лъугьине, хIалимлъизе

ПОДОБРУ́ -ПОЗДОРО́ВУ *нареч. разг.* чIаго-гIатIго, щибго ккелалде

ПОДОГНА́ТЬ *сов.* 1) *кого-что* аскIобегIан бачине; **~ плот к бе́регу** (гIоралъ бачIунеб) цIул ragIалдегIан бачине 2) *кого-что (заставить идти быстрее)* гIедегIизабизе, хехлъизабизе; **~ лошаде́й** чуял рацIизе; **~ отстаю́щих** нахъа хутIулел хадур гъезаризе 3) *что (приладить)* рекъезабизе, роцада данде ккезабизе; **~ стекло́ к ра́ме** цIер рамаялда (*роцáлъ*) данде ккезабизе, рекъезабизе 4) *что разг. (приурочить*) заман данде ккезабизе

ПОДОГНУ́ ТЬ *сов. что* сукIун тIадехун чIвазабизе; **~по́дол** квенчIел тIадехун чIвазабизе; **~ края́ листа́** тIанчил рагIалал су-кIизе; **~но́ги под себя́** бохдул сукIун жиндаго гъоркь лъезе

ПОДОГНУ́ //ТЬСЯ *сов.* сукIун ине, тIаде чIван ине ◊ **у него́ ~лись но́ги** гьесул бохдул сукI-сукIун ана

ПОДОГРЕВА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **подогре́ть(ся)**

ПОДОГРЕ́ТЬ *сов.* 1) *что* бухIизабизе, хинлъизабизе, бахьизабизе; **~ суп** чурпа бухIизабизе 2) *кого-что перен. разг.* багъа-бачаризабизе, чIинкьа-кIитIизабизе; **~ стра́сти** гъира-шавкъ цIикIкIинабизе, кутаклъизабизе

ПОДОГРЕ́//ТЬСЯ *сов.* хинлъизе, бахьизе, бухIизе

ПОДОДВИГА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **пододви́нуть(ся)**

ПОДОДВИ́ НУТЬ *сов. что* аскIобегIан цIазе, аскIобегIан къазабизе; **~ стул к го́стю** бакI гьоболасда аскIобегIан къазабизе (лъезе)

ПОДОДВИ́ НУТЬСЯ *сов.* аскIовегIан къазе

ПОДОДЕЯ́ ЛЬНИК *м* юргъаналъул лъел

ПОДОЖДА́ТЬ *сов.* 1) *кого-что, чего и без доп.* ралагьун чIезе, дагьаб заманалъ чIезе (*лъихъ- сундухъ бугониги ралагьун*); **~ по́езд** поезд бачIинегIан ралагьун чIезе 2) (*повременить*) нахъ бахъун (*нахъ тIамун*) тезе

ПОДОЗВА́ТЬ *сов. кого* аскIовегIан ахIизе; **~ прохо́жего** нухлулав аскIовегIан ахIизе; ишан гьабун яги кIалъан аскIовегIан ахIизе

ПОДОЗРЕВА́//ТЬ *несов.* 1) *кого-что в чём лъида бугониги, сунда бугониги* щаклъизе; **~ть** *кого-л.* **в обма́не** *лъида бугониги* рекIкI (хIилла) гьабун батилалан щаклъизе

ПОДОЗРЕ́НИ//Е *с* щаклъи́

ПОДОЗРИ́ ТЕЛЬНОСТЬ *ж* божунгутIи, щакдари

ПОДОЗРИ́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое щакдарулеб; **~ хара́ктер** щакдарулеб гIамал

ПОДОИ́ ТЬ *сов. кого* бечIчIизе; **~ коро́ву** гIака бечIчIизе

ПОДО́ЙНИК *м* гIака бечIчIулеб гIорто, гIака бечIчIулеб жо

ПОДОЙТИ́ *сов.* 1) гIагарлъизе, гIагардегIан къазе, аскIовегIан вачIине; **~ к окну́** горда аскIовегIан къазе (вачIине); **подошёл по́езд** поезд тIаде гIунтIана, бачIана 2) *разг. (наступить)* тIаде щвезе; **подошли́ кани́ кулы** каникулал тIаде щвана 3) (*приняться за что-л.*) байбихьизе; **~ к изуче́нию дробе́й** дробал лъазариялде щвезе (байбихьизе) 4) (*оказаться годным*) данде ккезе, ярагьине, бегьизе; **~э́то пальто́ мне подойдёт** гьеб пальто дие данде ккола (бегьула) ◊ **те́сто подошло́** хамур боргьун буго (*бачIун буго*); **~ к концу́** ахиралде щвезе

ПОДОКО́ННИК *м* гордукьквел

ПОДО́Л *м* квенчIел; гурдил, пальтоялъул ахалъи

ПОДО́ЛГУ *нареч.* гIемераб мехалъ; **он ~ жил в Москве́** гьес гIемераб мехалъ Москваялда гIумру гьабуна

ПОДО́НКИ *мн* 1) *разг. (остатки на дне)* аххакь, аххада (*тIиналда*) хутIараб лъамалъи 2) (*ед.* **подо́нок** *м*) *перен. пренебр.* нахъегIанал, гIадада хварал, гIаданлъи лъугIарал чагIи

ПОДОПЕ́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое **1.** *лъил бугониги* тIалаб-агъазалда вугев чи, къайимлъиялда вугев чи; **~ый ребёнок** къайимлъиялда бугеб лъимер **2**. *в знач. сущ.* **~ый** *м* къайим 3. *в знач. сущ.* **~ая** *ж* къайим(ай)

ПОДОПЛЁКА *ж* **1.** хIакъикъияб, амма бахчараб гIилла 2. векьарухъанасул гурдида мугъ бакьулъе щвезегIан лъураб гъоркълъел

ПОДОПРЕ́//ТЬ *сов.* 1) дагьаб цIаккине, ккалазе; **се́но ~ло** хер цIаккун буго 2) *(о коже грудного ребенка)* гIетI базе, биччизе 3) дагьа-макъаб биине

ПОДО́ПЫТН//ЫЙ, -ая, -ое жинда тIад хIалбихьи гьабулеб (бугеб); **~ое живо́тное** жинда тIад хIалбихьи гьабулеб (хIалбихьиялда гъоркь бугеб) хIайван

ПОДОРВА́ТЬ *сов. что* 1) (*взорвать*) кьвагьизабизе; **~мост** кьо кьвагьизабизе 2) *перен.* хвезабизе; **~ здоро́вье** сахлъи хвезабизе; жагъал гьабизе; *~ чей-л.* **авторите́т** *лъил бугониги* къадру хвезабизе

ПОДОРВА́ТЬСЯ *сов.* 1) (*взорваться*) кьвагьизе, кьва-гьиялъ биххизе, жагъаллъизе, хвезе

ПОДОРОЖА́ТЬ *сов.* хиралъизе, багьа эхеде бахине

ПОДОРО́ЖНИК *м бот.* гъаличу

ПОДОСИ́НОВИК *м (гриб)* бетIер багIараб гIурдахIан, багIараб гIурдахIан

ПОДОСЛА́ТЬ *сов. кого* балъгояб мурадгун витIизе

ПОДОСПЕ́ТЬ *сов. разг.* кколеб заманалда (ригьда) тIаде щвезе; **~ во́время** жиндир заманалда тIаде щвезе

ПОДОСТЛА́ТЬ *сов. что* гъоркь тIамизе; **~ простыню́** шаршав гъоркь тIамизе

ПОДОТКНУ́ТЬ *сов. что кибниги* къазабизе; рачлихъ бахъизе; **~ подо́л** квенчIел рахлихъ бахъизе (рачликье ккезабизе)

ПОДОТЧЁТН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*о деньгах*) хадуб хIисаб кьезе кколеб 2) (*обязанный отчитаться*) *лъиданиги цебе* хIисаб кьезе кколев

ПОДО́ХНУТЬ *сов.* хвезе (*хIайван*), капурго хвезе

ПОДОХО́ДНЫЙ, -ая, -ое бачIиналъухъ, хайиралъухъ балагьун лъолеб (*налог*)

ПОДО́ШВ//А *ж* 1) тIикъва (*хьитазул*); **ту́фли на ко́жаной ~е** хьвацIил тIукъби чIварал туфлаби 2) тIину, кьучI, аххалъи, гъоркьияб рахъ; **~а горы́** мугIрул ахалъи 3) гъоркьахIетIе

ПОДПАДА́ТЬ *несов. см.* **подпа́сть**

ПОДПА́ИВАТЬ[1] *несов. см.* **подпая́ ть**

ПОДПА́ИВАТЬ[2] *несов. см.* **подпои́ ть**

ПОДПА́ЛИВАТЬ *несов. см.* **подпали́ ть**

ПОДПАЛИ́ ТЬ *сов. что разг.* 1) (*поджечь*) цIа гъезе, бухIизе; **~ дом** рукъзал цIа гъун рухIизе 2) (*опалить*) чIурхIизе; **~себе́ усы́ папиро́сой** папиросалъ жиндирго михъал чIурхIизе

ПОДПА́РЫВАТЬ *несов. см.* **подпоро́ть**

ПОДПА́СОК *м* вехьасул кумекчи, гьитIинав вехь

ПОДПА́СТЬ *сов.: ~* **под** *чьё-л.* **влия́ ние** *лъилниги* асаралда гъоркье ккезе

ПОДПАЯ́ ТЬ *сов. что* гъоркьан регъезе; бакI-бакI регъезе

ПОДПЕВА́ЛА *м, ж разг.* тIад рекъезабун (кечI) ахIулев (чи); *перен. лъилниги* рахъ ккун *гьес* абураб такрар гьабулев чи; гъоркьапалугьан; чияр зурмихъе кьурдулев чи

ПОДПЕВА́ТЬ *несов. кому* 1) (*петь*) тIад рекъезабун ахIизе 2) *перен. разг. неодобр.* хIелун тIад рекъезе

ПОДПЕРЕ́ТЬ *сов.* 1) *что чем* гъоркь *щибниги* чIван чIезабизе; **~ забо́р ко́льями** чалиялда гъоркь гIурдул чIвазе; **~ щёку руко́й** кIаркьеналда гъоркь квер чIвазе 2) *перен. лъиениги* кумек гьабизе, квер чIвазе

ПОДПЕРЕ́ТЬСЯ *сов. разг. сунде бугониги* баччизе, *сундехунниги* чIвазе

ПОДПЕ́ТЬ *сов. см.* **подпева́ть**[1]

ПОДПИ́ ЛИВАТЬ *несов. см.* **подпили́ ть**

ПОДПИЛИ́ТЬ *сов. что* 1) ахадасанго къотIизе; **~ де́рево** гъветI ахадасанго къотIизе 2) (*напильником*) чаран тIамун къо-тIизе 3) (*укоротить*) тIаса къотIизе, къокъ гьабизе

ПОДПИРА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **подпере́ть(ся)**

ПОДПИСА́НИЕ *с* (*по гл.* **подписа́ть**) гъолбас гьаби; **~ протоко́ла** протоколалда гъолбас гьаби

ПОДПИСА́ТЬ *сов.* 1) *что* гъолбас гьабизе; **~ догово́р** къотIиялда (*гъоркь*) гъолбас гьабизе 2) *что (приписать)* тIадеги хъвазе, жубазе; **~ ещё три строки́** тIаде лъабгоги мухъ жубазе 3) *кого-что на что* щивниги цо сундуениги хъвазе (*подписчиказда гьоркьове вачине*)

ПОДПИСА́ТЬСЯ *сов.* 1) гъолбас лъезе; **~ под дове́-ренностью** вакиллъиялда (*доверенносталда*) гъолбас лъезе 2) *на что* хъвазе; **~ на газе́ту** газета хъвазе

ПОДПИ́СКА *ж* **1.** (*по гл.* **подписа́ть**) хъвай **2**. (*по гл.* **подписа́ться**) подписка гьаби **3**. (*письменное обязательство*) подписка (*тIадебоси*); **~ о невы́ езде** къватIиве инарилан тIаде боси (*гьедин хъвараб кагъатги*) **4**. подписка *(газетал, журналал рокъоре щвезаризе гьабураб къотIи)*

ПОДПИСН//О́Й, -ая, -ое хъван бачIунеб; **~а́я цена́** хъван бачIунеб жояльул багьа ◊ **~о́й лист** хъван бачIинабиялъе бугеб лист (*тIамач*)

ПОДПИ́СЧИК *м* подписчик *(газетазе, журналазе подписка гьабурав чи; щибниги жо хъван бачIинабулев чи)*

ПОДПИ́СЧИЦА *ж* подписчица (*газетазе, журналазе подписка гьабурай гIадан; щибниги жо хъван бачIинабулей гIадан*)

ПОДПИ́ СЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **подписа́ть(ся)**

ПО́ДПИСЬ *ж* **1.** (*по гл.* **подписа́ть**) гъолбас гьаби; *щибниги* гъоркь хъвай **2**. (*собственноручно написанная фамилия*) кагътида, документалда гъоркь жиндирго квералъ хъвараб фамилия, гъолбас **3**. тIехьалда, сураталда гьабураб хъвай-хъвагIай

ПОДПЛЫВА́ТЬ *несов. см.* **подплы́ ть**

ПОДПЛЫ́ТЬ *сов.* 1) лъедон аскIовегIан ине; **~ к бе́регу** лъедон рагIалде ине 2) гъоркье лъедезе; **~под мост** кьода гъоркье (кьодукье) лъедезе (лъедон ине)

ПОДПОЙ́ТЬ *сов. кого раз.* мехтизегIан гьекъезавизе (*ургъунго*)

ПО́ДПОЛ *м* подвал (*чIарбида гъоркь ракьулъ гьабураб рукъ*)

ПОДПОЛЗА́ТЬ *несов. см.* **подползти́**

ПОДПОЛЗТИ́ *сов.* 1) *к чему сундухъехунниги* хъурщизе (*аскIове хъурщизе*); **~ к око́пу** хандакъалда аскIове хъурщизе 2) *подо что* гъоркье хъурщизе; **~ под стол** столалда гъоркье хъурщизе

ПОДПОЛКО́ВНИК *м воен.* подполковник

ПОДПО́ЛЬЕ *с* 1) подвал (*чIабаралда гъоркь бугеб*); **спусти́ться в ~** подвалалъуве лъугьине 2) (*нелегальность*) балъгояб куцалда гъоркьан хIалтIи

ПОДПО́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое балъгояб куцалъ гъоркьан хIалтIулеб; **~ типогра́фия** балъгояб куцалъ хIалтIулеб типография (басмахана)

ПОДПО́ЛЬЩИК *м* балъго гъоркьан хIалтIи гьабулев чи

ПОДПО́ЛЬЩИЦА *ж* балъго гъоркьан хIалтIи гьабулей гIадан

ПОДПО́РА, ПОДПО́РКА *ж кумекалъе (щибниги жо кквезе*) *чIвалеб* хIуби; **~ к забо́ру** чали кквезе чIвараб хIуби; гъоркьчIвай

ПОДПОРО́ТЬ *сов. что* дагьаб чIалхине; гъоркьан чIалхине; **~подкла́дку** гъоркьлъел чIалхине

ПОДПОРУ́ЧИК *м воен.* подпоручик (*цебесеб Россиялда офицерасул чин*)

ПОДПО́ЧВА *ж* ракьул тIасияб гъаталда гъоркьияб гъат

ПОДПО́ЧВЕНН//ЫЙ, -ая, -ое ракьул гъаталда гъоркь бугеб; **~ые во́ды** ракьалда гъоркь ругел лъинал

ПОДПОЯ́САТЬ *сов. кого-что* рачел къазе; рачел бухьине; рачел борчине (*лъиданиги*)

ПОДПОЯ́САТЬСЯ *сов.* рачел къазе, борчине (*жиндаго*); **~ ремнём** рачлица къазе

ПОДПОЯ́ СЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **подпоя́ сать(ся)**

ПОДПРА́ВИТЬ *сов. что* битIа-бишизабизе; дагьаб къачIакIатIазе; **~ напи́ санную бу́кву** хъвараб хIарп битIизабизе (къачIа-кIатIазе)

ПОДПРАВЛЯ́ ТЬ *несов. см.* **подпра́вить**

ПОДПРА́ПОРЩИК *воен.* подпрапорщик

ПОДПРУ́ ГА *ж* гъоркьан къвал (*кьолол*)

ПОДПРЫ́ ГИВАТЬ *несов. см.* **подпры́ гнуть**

ПОДПРЫ́ ГНУТЬ *сов.* эхеде кIанцIизе; **~ до потолка́** мокърукь тункизегIан эхеде кIанцIизе

ПОДПУСКА́ТЬ *несов. см.* **подпусти́ ть**

ПОДПУСТИ́ ТЬ *сов.* 1) *кого-что* аскIобе бачIине, къазе биччазе; **~ зве́ря на расстоя́ние вы́стрела** жанавар гуллил манзилалъ аскIобегIан биччазе 2) *что, чего разг. (добавить)* гьорлъе биччазе, жубазе; **~ ма́сла в воск** хIеялда гьорлъе нах биччазе (нах жубазе)

ПОДРАБА́ТЫВАТЬ *несов. см.* **подрабо́тать**

ПОДРАБО́ТАТЬ *сов. разг.* 1) *что, чего (заработать)* тIадеги хIалтIи гьабун гIарац балагьизе 2) тIад хIалтIи гьабизе; тIад хIалтIи гьабун лъугIизабизе 3) (*что (подготовить)* цебеккунго хIадур гьабизе; **~ вопро́с** суал цебеккунго хIадур гьабизе

ПОДРА́ВНИВАТЬ *несов. см.* **подровня́ ть**

ПОДРА́ГИВАТЬ *несов. разг.* тIуркIизе; тIеркIезе

ПОДРАЖА́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **подража́ть**) цогидалда релълъинаби; цогидаз гьабураб (*цогидаз гIадин*) гьабизе лъугьин **2**. (*произведение*) цогиялда (*цогидасулалда*) релълъинабун хъвараб асар

ПОДРАЖА́ТЕЛЬ *м* чияралда релълъинабун *щибниги* гьабулев чи

ПОДРАЖА́ТЕЛЬНИЦА *ж* чияралда релълъинабун *щибниги* гьабулей гIадан

ПОДРАЖА́ТЬ *несов. кому-чему лъицаниги* гьабуралда релълъун гьабизе; цогидалда релълъун гьабизе; *лъидасаннигu* мисал босизе

ПОДРАЗДЕЛЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **подрази́ть**) бутIабазде бикьи **2**. (*часть, раздел*) бутIа **3.** *воен.* подразделение (*аскаралъул кIудияб къокъаялъул бутIа*)

ПОДРАЗДЕЛИ́ ТЬ *сов. кого-что* бутIабазде бикьизе

ПОДРАЗДЕЛЯ́ ТЬ *несов. см.* **подрази́ть**

ПОДРАЗДЕЛЯ́ //ТЬСЯ *несов.* гIисинал бутIабазде биххизе; **глава́ ~ется на пара́графы** бетIер параграфазде биххула (бикьула)

ПОДРАЗНИ́ ТЬ *сов.* валъаргъине

ПОДРАЗУМЕВА́//ТЬ *несов. кого-что* рекIелъ къарарлъизе; абичIого рекIелъ букIине; **что вы ~ете под э́тими слова́ми?** гьел рагIабаздалъун нужее щиб абизе бокьун бугеб? гьел рагIабаздалъун абизе бокьараб жо щиб бугеб?

ПОДРАЗУМЕВА́/ТЬСЯ *несов. (жибго)* лъазе, (*жибго)* бичIчIизе; **э́ то ~ется само́ собо́й** гьеб жибго жинсасанго бичIчIула

ПОДРАСТА́ТЬ *несов. см.* **подрасти́**

ПОДРАСТИ́ *сов.* дагьав кIудияв гIезе; чIахIалъизе; **ма́льчик подро́с** вас дагьав кIудияв гIуна (гIун вуго)

ПОДРА́ТЬСЯ *сов.* рагъизе, кьабезе

ПОДРЕ́ЗАТЬ *сов.* 1) *что (укоротить)* къокъ гьабизе; **~ во́лосы** рас къотIун къокъ гьабизе 2) *что (срезать)* къотIун рехизе (*гIодосанго*) 3) *чего (нарезать)* къотI-къотIизе; **~ сы́ру** хIан къотI-къотIизе (*мочIаби рахъизе*)

ПОДРЕЗА́ТЬ *несов. см.* **подре́зать**

ПОДРЕМА́ТЬ *сов.* гьапуллъизе, свадизе

ПОДРЕМОНТИ́РОВАТЬ *сов. что разг.* дагьа-макъаб къачIазе

ПОДРО́БНО *нареч.* мухIканго; рагIа-ракьан бахъун; щибниги гьоркьоб течIого; **~ рассказа́ть** *о чём-л. сундулниги хIакъалъулъ* мухIканго бицине

ПОДРО́БНОСТ//Ь *ж* мухIканлъи, дурусЛъи

ПОДРО́БН//ЫЙ, -ая, -ое мухIканаб, дурусаб; рагIа-ракьан бахъараб; **~ые све́дения** мухIканал баянал

ПОДРОВНЯ́ТЬ *сов. что* битIизабизе, битIа-бишизабизе; **~ во́лосы** рас битIа-бишизабизе; бащад гьабизе, цокIал гьабизе

ПОДРОСТКО́ВЫЙ, -ая, -ое гIолиласул; **~ во́зраст** гIолиласул (-зул) ригь

ПОДРО́СТОК *м* гIолилав, гIолилай (*12–16 соналъул ригьалда ругел*)

ПОДРУБА́ТЬ[1,2] *несов. см.* **подруби́ ть**[1,2]

ПОДРУБИ́ТЬ[1] *сов. что* 1) (*надрубить*) тIаса къотIизе (*тIогьиса къотIизе*); **~ дуб** миккигъвет тIаса къотIизе 2) (*укоротить*) къокъ гьабизе; **~ но́жки стола́** столалъул бохдул къотIизе (къокъ гьаризе) 3) *что, чего разг. (нарубить ещё*) дагьабги би-чIизе; **~ дров** дагьабги цIул бичIизе (*къотIизе*)

ПОДРУБИ́ТЬ[2] *сов. что (подшить)* мицIир жанибе чIван букъизе; **~ носово́й плато́к** квербацIцI, мицIир жанибе чIван букъизе

ПОДРУ́ ГА *ж* гьудул (*гьудулай*)

ПО-ДРУ́ ЖЕСКИ *нареч.* гьудулас гIадин, гьудул-гьалмагъльиялда

ПОДРУЖИ́ ТЬСЯ *сов. с кем* гьудуллъи гьабизе, гьудулзаби лъугьине

ПОДРУМЯ́ НИВАТЬ(Ся) *несов. см.* **подрумя́ нить(ся)**

ПОДРУМЯ́ НИ//ТЬ *сов.* 1) *кого-что* дагьабго багIар гьабизе; **моро́з ~л щёки** цIороялъ кIаркьаби багIар гьаруна 2) *кого-что (подкрасить*) релъеналъ багIар гьабизе (релъен бахине) 3) *что (сделать поджаристым)* сурмалъизегIан бежизе

ПОДРУМЯ́ НИ//ТЬСЯ *сов.* 1) багIарлъун ине, багIарлъизе; **щёки ~лись на моро́зе** цIороялъ кIаркьаби багIарлъун ана 2) (*подкраситься румянами*) обаялъ белъине 3) (*стать поджаристым*) сурмалъун ине (*бежулаго*)

ПОДРУ́ ЧНЫЙ, -ая, -ое **1.** кидаго къваригIунеб, квер бегьаралъуб батулеб (букIунеб); **~ инструме́нт** кидаго къваригIунеб тIагIел **2**. *в знач. сущ. ~м* кумечки; хадучи, пагьла

ПОДРЫ́ В *м* **1.** (*по гл.* **подорва́ть**) кьвагьи, биххизаби, хвезаби, жагъаллъи ккезаби **2.** (*по гл.* **подорва́ться)** кьвагьун ин, биххун ин, хвей, жагъаллъи

ПОДРЫВА́ТЬ[1] *несов. см.* **подорва́ть**

ПОДРЫВА́ТЬ[2] *несов. см.* **подры́ ть**

ПОДРЫВН//О́Й, -а́я, -о́е 1) кьвагьиялъул(*аб*); **~ые рабо́ты** кьвагьиялъул хIалтIаби 2) *перен. (вредительский*) зиянлъиялъулаб, заралчилъиялъулаб; **~а́я де́ятельность** заралчилъиялъулаб иш (*хIалтIи*)

ПОДРЫ́ТЬ *сов. что* гъоркьан цодагьаб бухъизе; дагьабги бухъизе; бухъун дагьабги гъварид, гIатIид гьабизе

ПОДРЯ́ Д[1] *м* къотIиялда рекъон, тIаде боси; **~ на постро́йку до́ма** къотIиялда рекъон, мина базе тIаде боси

ПОДРЯ́ Д[2] *нар.* тIатIалаго; цебесан, тIаса бищичIого; хадурцере; **не́сколько раз** ~ чанго нухалъ тIатIалаго

ПОДРЯДИ́ТЬ *сов. кого разг.* къотIиги гьабун заманалъ хIалтIизе (*чагIи*) кквезе

ПОДРЯДИ́ ТЬСЯ *сов. с неопр. разг.* къотIиялда рекъон заманалъ хIалтIи гьабизе ине

ПОДРЯ́ДЧИК *м* къотIиялда рекъон хIалтIи гьабулев чи, хIалтIи гьабулеб организация (идара)

ПОДРЯЖА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **подряди́ ть(ся)**

ПОДСАДИ́ТЬ *сов.* 1) *кого (помочь сесть)* рекIине, вахине кумек гьабизе; рекIинавизе, вахинавизе; **~ на ло́шадь** чода рекIинавизе 2) *что, чего* тIадеги (*дагьабги*) чIезе; **~ капу́сты** тIадеги капуста чIезе 3) *кого (посадить вместе, рядом*) аскIов (*цадахъ*) гIодов чIезавизе

ПОДСА́ЖИВАТЬ *несов. см.* **подсади́ ть**

ПОДСА́ЖИВАТЬСЯ *несов. см.* **подсесть**

ПОДСА́ЛИВАТЬ *несов. см.* **подсоли́ ть**

ПОДСВЕ́ЧНИК *м* хIедучирахъ (*нахучирахъ*) лъолеб жо; хIедучирахъалъул тах

ПОДСЕ́В *м* (*по гл.* **подсе́ять**) тIаде хьай (*аслияб бекьараб жоялда тIаде цоги батIияб хьон хьай*)

ПОДСЕВА́ТЬ *несов. см.* **подсе́ять**

ПОДСЕДЛА́ТЬ *м* кьили лъезе, кьолозе

ПОДСЕЛИ́ТЬ *сов. кого-что разг. щивниги лъиданиги* ас-кIове вахъинавизе (цо рокъове вахъинавизе)

ПОДСЕЛЯ́ ТЬ *несов. см.* **подсели́ ть**

ПОДСЕ́СТЬ *сов.* аскIов гIодов чIезе; аскIовегIан къазе (*гIодов чIезе*); хьолбохъ гIодов чIезе; **~ к столу́** столалда аскIовегIан гIодов чIезе

ПОДСЕ́ЯТЬ *сов. что, чего* тIадеги хьазе (*аслияб бекьараб жоялда тIаде цоги батIияб хьон хьазе*)

ПОДСИДЕ́ТЬ *сов. кого разг.* 1) гъоркьчIел гьабизе; **~ зве́ря** жанаваралъе гъоркьчIел гьабизе 2) *перен.* (*устроить неприятность*) лазатбахъи гьабизе, зиян гьабизе

ПОДСИ́ ЖИВАТЬ *несов. см.* **подсиде́ть**

ПОДСИ́ НИВАТЬ *несов. см.* **подси́ нить**

ПОДСИНИ́ТЬ *сов. что* хъахIибилалъ белъине, хъахIил гьабизе; **~ про́стыни** шаршавал хъахIибилалъулъ чIвазе

ПОДСКАЗА́//ТЬ *сов. что кому и без доп.* 1) цогидазда рагIиларедухъ *лъиданиги* лъалареб жо бицине (*абизе*) 2) *перен.* (*навести на мысль*) цо пикруялде кантIизавизе, вагьизавизе; малъизе; **о́пыт ~л пра́вильное реше́ние** хIалбихьиялъ битIараб хIукмуялде кантIизавуна

ПОДСКА́ЗКА *ж* (*по гл.* **подсказа́ть**) цогидазда рагIиларедухъ лъалареб жо бицин; *гьедин* бицараб жо

ПОДСКА́ЗЫВАТЬ *несов. см.* **подсказа́ть**

ПОДСКАКА́ТЬ *сов.* биччан чугун, аскIовегIан вачIине, щвезе; дурун тIаде гIунтIизе

ПОДСКА́КИВАТЬ *несов. см.* **подскочи́ ть**

ПОДСКОБЛИ́ ТЬ *сов. что* дагьаб тIаса хъвагIазе, хачазе

ПОДСКОЧИ́ //ТЬ *сов.* 1) (*быстро подбежать*) хехго векерун аскIове щвезе (*аскIове кIанцIун вачIине*) 2) (*подпрыгнуть*) эхе-эхеде кIанцIезе; **~ть от ра́дости** вохиялъ эхе-эхеде кIанцIезе 3) *перен. разг. (подняться)* эхеде бахине; **температу́ра ~ла** цIакан эхеде бахана (*кIанцIана*)

ПОДСЛАСТИ́ТЬ *сов. что* гьуин гьабизе (дагьабги); ~ **компо́т** компот дагьабги гьуин гьабизе

ПОДСЛА́ЩИВАТЬ *несов. см.* **подсласти́ ть**

ПОДСЛЕ́ДСТВЕННЫЙ, -ая, -ое *юр.* **1.** цIех-рехалда гьоркь бугеб **2**. *в знач.сущ.* ~ *м* цIех-рехалда гьоркь вугев (*чи*)

ПОДСЛЕПОВА́ТЫЙ, -ая, -ое канлъукъав; цIакъго аскIобегIанисан (*гIагардасан*) гурони бихьуларев; **~ый стари́к** канлъукъав херав

ПОДСЛУ́ ШАТЬ *сов. кого-что* балъго гIенеккизе; ~ **чужо́й разгово́р** балъго чияр гара-чIвариялъухъ гIенеккизе

ПОДСЛУ́ ШИВАТЬ *несов. см.* **подслу́шать**

ПОДСМА́ТРИВАТЬ *несов. см.* **подсмотре́ть**

ПОДСМЕ́ИВАТЬСЯ *несов. над кем-чем лъида вугонигисунда бугониги* тIад велъизе; гIад-хочI гьавизе

ПОДСМОТРЕ́ТЬ *сов. что* 1) балъго валагьизе; балъго валагьун, бихьизе 2) (*случайно заметить*) ракIалдаго гьечIого, бихьизе

ПОДСНЕ́ЖНИК *м бот.* гIадратIегь

ПОДСО́БН//ЫЙ, -ая, -ое кумекалъулаб; кумекалъе бугеб; **~ое хозя́йство** кумекалъулаб магIишат

ПОДСО́ВЫВАТЬ *несов. см.* **подсу́нуть**

ПОДСОЗНА́НИЕ *с* гIакълуялда къимат кьезе кIолареб психикияб хIал

ПОДСОЗНА́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое жеги бичIчIун бахъинчIеб, бичIчIиялдаса къватIисеб, инстинктивияб; **~ое движе́ние** бичIчIулареб, цIар лъезе лъаларе рагъа-рачари

ПОДСОЛИ́ТЬ *сов.* 1) *что* цIан базе, цIамхIал гьабизе; **~суп** чурпадалъе цIан базе 2) *что, чего разг. (засолить дополнительно)* дагьабги цIан базе; ~ **огурцо́в** охцеразде дагьабги цIан базе

ПОДСО́ЛНЕЧНИК *м бот.* бакъдебусс

ПОДСО́ЛНЕЧН//ЫЙ, -ая, -ое 1) бакъдебуссалъул; **~ое ма́сло** семечкадул (бакъдебуссалъул) нах 2) бакъалда гьоркь бугеб, бакъалда (бакъукь) бугеб

ПОДСО́ЛНУХ *м разг. см.* **подсо́лнечник**

ПОДСО́Х//НУТЬ *сов.* 1) бучIизе, дагь-дагьккун бакъвазе; **грязь во дворе́ ~ла** азбаралда хIарщ бучIана 2) *разг. (зажить)* бакъвазе (*сахлъизе*); **рана ~ла** ругъун бакъвана

ПОДСПО́РЬЕ *с* кумек; **служи́ть ~м** кумек хIисабалда букIине

ПОДСТА́ВИТЬ *сов.* 1) *кого-что подо что* гьоркь лъезе; ~ **ведро́ под кран** ведро́ краналда гьоркь лъезе 2) *что (приблизить)* аскIобегIан лъезе; ~ **стул го́стю** гьоболасе бакI аскIобегIан лъезе; ~ **ле́стницу к стене́** мали, къадада базабун, лъезе (*мали, къеда базабун, чIвазе, лъезе*) 3) *кого-что перен. (лишить защиты)* цогидасе санагIатаб хIалалъ ккезабизе; санагIат гьечIеб хIалалде ккезавизе 4) *кого-что (поставить взамен)* хисун лъезе ◊ ~ *кому-л.* **но́гу** (*ножку*) *лъие бугониги* рекIкI, квекIен, хIалихьалъи гьабизе

ПОДСТА́ВКА *ж* гьоркь лъолеб жо (*сунда бугониги*), чIвалеб жо; ~ **для цвето́чного горшка́** тIегь чIараб хъабида гьоркь лъолеб жо; жинда тIад *щибниги* лъолеб жо

ПОДСТАВЛЯ́ ТЬ *несов. см.* **подста́вить**

ПОДСТАВНО́Й, -ая, -ое 1) гьоркьан яги хьибилалдасан лъолеб (*чIвалеб*); ~ **ле́стница** гьоркьан чIвалеб мали 2) *перен. (ложный)* гьересияв; ~ **свиде́тель** гьересинугI

ПОДСТАКА́ННИК *м* стаканалда гьоркь лъолеб жо (стакан жаниб лъолеб жо); **серебряный** ~ гIарцул (*гьабураб*) стаканалда гьоркь лъолеб жо

ПОДСТАНО́ВКА *ж* (*по гл.* **подста́вить**) хисун лъей, хисун ккезаби

ПОДСТА́НЦИЯ *ж* подстанция (*аслиялъе кумекалъе бугеб станция*); **телефо́нная** ~ телефоназул подстанция (*аслиялъе кумекалъе бугеб*)

ПОДСТЁГИВАТЬ[1,2] *несов. см.* **подстегну́ть**[1,2]

ПОДСТЕГНУ́ ТЬ[1] *сов. что разг. (пристегнуть)* гьоркьан базе; ~ **ва́тник к пальто́** палтоялда ватник (гьоркьлъел) базе (рахазе)

ПОДСТЕГНУ́ ТЬ[2] *сов. кого* 1) (*подгоняя, легко стегнуть*) цодагьаб бацIизе (*хехлъизабизе, гIедегIизабизе*); ~ **коня́** чу цодагьаб бацIизе (*цIал кьабизе*) 2) *перен. разг.* рагъа-рачаризаризе, гIедегIизаризе; ~ **отстаю́щих** нахъа хутIулел гIедегIизаризе, рагъа-рачаризаризе

ПОДСТЕЛИ́ ТЬ *сов. см.* **подостла́ть**

ПОДСТЕРЕГА́ТЬ *несов. см.* **подстере́чь**

ПОДСТЕРЕ́ЧЬ *сов. кого-что* гьоркьчIел гьабизе, чан къан чIезе, хъаравуллъи ккун чIезе; ~ **зве́ря** жанаваралде чан къан чIезе (*гъоркьчIел гьабизе*)

ПОДСТИЛАТЬ *несов. см.* **подостла́ть**

ПОДСТИ́ЛКА *ж* **1.** (*по гл.* **подостла́ть**) гьоркь тIибитIи, гьоркь тIами **2**. (*то, что подостлано*) гьоркь тIамураб (*тIибитIараб*) жо; **соло́менная** ~ гьоркь тIамураб хьутI, хьутIил гьоркьтIам

ПОДСТРА́ИВАТЬ *несов. см.* **подстро́ить**

ПОДСТРЕКА́ТЕЛЬ *м* квешлъи гьабизе цогидал гьусулев чи

ПОДСТРЕКА́ТЕЛЬСТВО *с* квешлъи гьабизе гьуси, гьесизави

ПОДСТРЕКА́ТЬ *несов. см.* **подстрекну́ть**

ПОДСТРЕКНУ́ ТЬ *сов. кого-что к чему* гьусизе, гьесизавизе; ~ **к ссо́ре** дагIба-къецалде гьусизе

ПОДСТРЕ́ЛИВАТЬ *несов. см.* **подстрели́ ть**

ПОДСТРЕЛИ́ТЬ *сов. кого-что* туманкI речIчIун чIвазе, бортизабизе; лъукъизе; ~ **зве́ря** жанавар лъукъизе

ПОДСТРИГА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **подстри́ чь(ся)**

ПОДСТРИ́ЧЬ *сов.* 1) *кого-что* тIогьиса (*тIаса*) къунцIизе, кIвекьмаххалъ бащад гьабизе (бащад гьабун, къунцIизе) 2) кIуризе

ПОДСТРИ́ЧЬСЯ *сов. жиндирго* катIари къокъ гьабизе, бащад (*цокIалго*) гьабизе; ~ **в парикма́херской** парикмахерскаялда (*даллакханаялда*) *жиндирго* катIари къачIазе

ПОДСТРО́ИТЬ *сов.* 1) *что* аскIоб, хьолбохъ базе; ~ **к до́му сара́й** рукъалда (*ригьалда, минаялда*) аскIоб сарай (гьор) базе 2) *кого-что воен. сунданиги-лъиданиги* аскIор кьерда чIезаризе 3) *что* рекъезабизе; ~ **скри́ пку под роя́ ль** чагъана роялалда рекъезабизе 4) *что перен.* балъго (хIадур) гьабизе; ~ **шу́тку** балъго (ургъунго) махсара гьабизе

ПОДСТРО́ЧНИК *м* подстрочник (*щибаб мухъ ккун цогидаб мацIалде буссинабураб текст*), мухъ ккун гьабураб таржама

ПОДСТРО́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое 1) мухъ-мухъ ккун буссинабураб; гьумералда яги щибаб мухъалда гьоркь лъураб; **~ое приме́чание** щибаб гьумералда (мухъалда) гьоркь (хадуб) кьураб баян 2) (*буквальный*) рагIи-рагIи ккун буссинабураб; **~ый перево́д** рагIи-рагIи ккун гьабураб таржама

ПО́ДСТУП *м* **1.** (*по гл.* **подступи́ть**) аскIорегIан къай **2**. (*по гл.* **подступи́ться**) гIагарлъи **3**. *мн.* **~ы** тIаде кIанцIизе, гьужум гьабизе санагIатал бакIал ◊ **к нему́ ~а (~у) нет** гьесде нух бахъизе захIмалъула (*гьесда аскIоре къан бажаруларо*); суалгун, гьаригун аскIоре ине захIмалъула

ПОДСТУПА́ТЬ(СЯ) *несов. к* **подступи́ ться**

ПОДСТУПИ́//ТЬ *сов.* 1) *к кому-чему* аскIорегIан къазе; **~ть к сте́нам кре́пости** хъалаялъул къадазда аскIорегIан къазе 2) (*о чувствах и т.п.*) **слёзы ~ли к глаза́м** бадиб магIу хулана

ПОДСУДИ́МАЯ *ж* судалда гьоркь йигей гIадан (*жиндир иш судалда бугей гIадан)*

ПОДСУДИ́М//ЫЙ *м* судалда гьоркь вугев чи (*жиндир иш судалда бугев чи*)

ПОДСУ́ ДН//ЫЙ, -ая, -ое *юр.* судалде кколеб (*судалде кьезе кколеб*); **~ое де́ло** суд гьабизе кколеб иш

ПОДСУ́ НУТЬ *сов. что* 1) (*гьоркь*) къазабизе; ~ **ве́щи под скаме́йку** къайи-къоно скамейкаялда гьоркь къазабизе 2) *разг. (подложить незаметно*) лъаларе хIалалъ, балъго гIадин, цебе лъезе 3) (*всучить*) къазабизе; ~ **него́дный това́р** ярагъунареб, къадараб къайи *лъида бугониги* къазабизе, бугIизе (босизабизе)

ПОДСУ́ ШИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **посуши́ ть(ся)**

ПОДСУШИ́ ТЬ *сов. что* цодагьаб бакъвазабизе; бучIизабизе; ~ **про́стыни** шаршавал цодагьал ракъвазаризе

ПОДСЧЁТ *м* (*по гл.* **подсчита́ть**) рикIкIун къадар чIезаби; хIисаб гьаби

ПОДСЧИТА́ТЬ *сов. кого-что* рикIкIун къадар чIезабизе; хIисаб гьабизе; ~ **расхо́ды** харжазул хIисаб гьабизе

ПОДСЧИ́ ТЫВАТЬ *несов. см.* **подсчита́ть**

ПОДСЫЛА́ТЬ *несов. см.* **подосла́ть**

ПОДСЫ́ПАТЬ *сов. что* тIаде дагьабги щвазе; **~ со́ли в суп** чурпаялда гъорлъе дагьабги цIан щвазе; балъго щвазе (*базе*); тIаде бан, дагьабги борхат гьабизе

ПОДСЫПА́ТЬ *несов. см.* **подсы́пать**

ПОДСЫХА́ТЬ *несов. см.* **подсо́хнуть**

ПОДТА́ИВАТЬ *несов. см.* **подта́ять**

ПОДТА́ЛКИВАТЬ *несов. см.* **подтолкну́ть**

ПОДТА́ПЛИВАТЬ *несов. см.* **подтопи́ ть**

ПОДТА́СКИВАТЬ *несов. см.* **подтащи́ ть**

ПОДТАСОВА́ТЬ *сов. что прям., перен.* рекIкIаб куцалъ сокIкIине; ургъунго мекъса сверизабизе; **~ ка́рты** хIалел кагътал рекIкIаб куцалъ сокIкIине; **~ фа́кты** хIужжаби мекъса рихьизаризе

ПОДТАСО́ВКА *ж* (*по гл.* **подтасова́ть**) рекIкIаб куцалъ сокIкIин; ургъунго мекъса сверизаби (хисизаби, бихьизаби)

ПОДТА́ЧИВАТЬ *несов. см.* **подточи́ ть**

ПОДТАЩИ́ТЬ *сов. кого-что* аскIобегIан бехъерхъизе; **~ мешо́к к две́ри** къандалъо нуцIихъегIан бехъерхъизе

ПОДТА́Я//ТЬ *сов.* гъоркьан биине; дагьабго биине; **лёд ~л** цIер гъоркьан биана; **на дворе́ ~ло** *безл.* азбаралда дагьабго биана

ПОДТВЕРДИ́ТЬ *сов. что* ритIухъ гьабизе; битIараблъун рикIкIине; **~ прика́з** буюрухъ (приказ) битIараблъун рикIкIине

ПОДТВЕРДИ́//ТЬСЯ *сов.* битIун батизе, ритIухълъизе, уяблъизе; **показа́ния ~лись** рицарал жал (рихьизариял) ритIун ратана

ПОДТВЕРЖДА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **подтверди́ ть(ся)**

ПОДТВЕРЖДЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **подтверди́ ть**) ритIухъ гьаби, уяб букIин **2**. (*подтверждающий факт*) ритIухъ гьабулеб, уяб букIин бихьизабулеб хIужжа

ПОДТЁК *м* 1) (*от ушиба*) хъахIиллъараб бакI (*кьабун, тункун*) 2) (*от протёкшей жидкости*) чвахараб лъамалъиялъ тараб лъалкI, мухъ

ПОДТЕКА́//ТЬ *несов.* 1) *см.* **подте́чь** 2) (*давать течь*) чвахизе (бесизе); **бо́чка ~ет** къали (чирма) бесулеб буго

ПОДТЕРЕ́ТЬ *сов. что* бакъвазегIан лъулъазе, бакъвазегIан бацIцIине; **~ пол** чIабар лъулъан, бацIцIун бакъвазабизе

ПОДТЕ́//ЧЬ *сов.* гъоркье чвахизе, гъоркье ине; **вода́ ~кла под крова́ть** лъим кроваталда гъоркье ана (*чвахана*)

ПОДТИРА́ТЬ *несов. см.* **подтере́ть**

ПОДТОЛКНУ́ ТЬ *сов.* 1) *кого-что* (хьолбохъан, нахъасан) гьаругьин тункизе; **~ ло́ктем сосе́да** мадугьаласда нахъасан гIункIрукь тункизе 2) *кого перен. разг. щивниги кинаб бугониги* ишалде гьесизавизе, гьабизе тIамизе

ПОДТОПИ́ ТЬ *сов. что разг.*) 1) печь бакун хинлъизабизе 2) дагьабги биинабизе (*нах*)

ПОДТОЧИ́ //ТЬ *сов.* 1) *что* рекIинабизе (*дагьабги*); **~ть нож** нус дагьабги рекIинабизе 2) *что (повредить – о насекомых*) жанисан кваназе, ххине; **червь ~л лист** хIутIалъ тIамах кванан буго 3) *что (разрушить, размыть*) гъоркьан кваназе (*чуризе*), биххи
забизе; **водо́й ~ло скалу́** *безл.* лъеца кванан кьуру гIанлъун буго 4) *кого-что перен.* загIиплъизавизе; **боле́знь ~ла его́** унтиялъ гьев загIиплъизавуна, гIодов чIвазавуна

ПОДТРУ́ НИВАТЬ *несов. см.* **подтру́нить**

ПОДТРУНИ́ТЬ *сов. над кем-чем разг.* валъаргьине

ПОДТЫКА́ТЬ *несов. см.* **подткну́ть**

ПОДТЯ́ ГИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **подтяну́ть(ся)**

ПОДТЯ́ЖК//И *мн.* (*ед.* **~а** *ж*) (*гъажалдасан рачун*) тIажу кколел рачалаби

ПОДТЯ́ НУТЫЙ, -ая, -ое вакIа-вахарарав (*къартI бугев*) чи

ПОДТЯНУ́ ТЬ *сов.* 1) *что* (*затянуть потуже*) дугъдазабизе, щула гьабун къазе; **~ по́яс** рачел дугъдазабун къазе, борчине 2) *кого-что (подтащить)* гъоркье, аскIобегIан цIазе; **~ ло́дку к бе́регу** раса ргIалдегIан цIазе 3) *кого-что воен.* церегIан рачине; **~ резе́рвы к фро́нту** резервал фронталдегIан рачине (*цIазе*) 4) *кого-что перен. разг.* нахъа хутIазаре кумек гьабизе; лъикIлъизабизе, борхизабизе; **~ дисципли́ ну** гIадлу-низам лъикIлъизабизе 5) *кому и без доп. (запеть с другими*) кечI ахIулесда тIад рекъезабизе, цадахъ ахIизе 6) жанибе цIазе, бакIаризе *(чехь)*

ПОДТЯНУ́//ТЬСЯ *сов.* 1) дугъдазабизе, къазабизе; **~ться ремнём** рачлица дугъдазабизе, къазабизе 2) *спорт.* цIазе (*турникалда)* 3) *воен.* аскIорегIан рачIине, къазе; **во́йска ~лись к фро́нту** аскарал фронталда аскIорегIан рачIана 4) *перен. разг.* хадур гъезе; **отстаю́ щие ~лись** нахъа хутIарал хадур гъуна

ПОДУ́ МА//ТЬ *сов.* 1) ургъизе; **я ~ю, пото́м отве́чу** дун ургъила, цинги жаваб кьела 2) (*вообразить*) ургъун бихьизе, пикру гьабизе; **я не могу́ да́же ~ть об э́ том** дида гьелъул пикру гьабизецин кIоларо; **~ешь!** гьединищха! **кто бы ~л!** лъидаха гьедин ракIалде ккезе букIараб!

ПОДУ́ МЫВА//ТЬ *несов. разг.* ургъулев вукIине; **он давно́ ~ет уе́хать** гьев цевего нахъе ине ургъулев вуго

ПОДУРНЕ́ТЬ *сов. см.* **дурне́ть**

ПОДУ́ //ТЬ *сов.* пузе; **~л ветеро́к** гьури пуна; **~ть на горя́чий чай** бухIараб чаялде пузе

ПОДУ́ ЧИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **подучи́ ть(ся)**

ПОДУЧИ́//ТЬ *сов. разг.* 1) *кого-что (обучить)* дагьамакьаб жо малъизе, ругьун гьавизе; **~ ть молодо́го рабо́чего** гIолохъанав хIалтIухъанасда дагьа-макъаб жо малъизе, малъун тезе 2) *что (выучить)* дагьабги лъикI лъазабизе; **~ уро́к** дарс дагьабги лъикI лъазабизе 3) *кого с неопр. (подговорить)* малъун тIамизе

ПОДУЧИ́ТЬСЯ *сов. разг.* дагьа-макъаб жо лъазабизе, дагьамакъав ругьунлъизе

ПОДУШИ́ТЬ *сов. кого-что* берцинаб махI гьабизе, гьуинмахI бахъинабизе; **~ носово́й плато́к** квербацIцIалда берцинаб махI бахъинабизе

ПОДУ́ ШКА *ж* къандалъо ◊ **кислоро́дная ~** кислородалъул (*цIолеб*) къандалъо

ПОДУ́ ШНЫЙ, -ая, -ое: **~ая по́дать** *ист.* рухI рикIкIун босулеб магъало

ПОДХАЛИ́ М *м* хIелхIелчи

ПОДХАЛИ́ МКА *ж* хIелхIелчIужу

ПОДХАЛИ́ МНИЧАТЬ *несов. разг.* хIелхIедизе

ПОДХАЛИ́ МСТВО *с* хIелхIелчилъи, хIелхIеди

ПОДХВАТИ́ //ТЬ *сов.* 1) *кого-что* гъоркьа квер бан, кодобе босизе; **~ть чемода́н** чемодан, гъоркьа квер бан, кодобе босизе; хапун кодобе босизе 2) *что перен. разг. (какую-л. болезнь*) бахине; **где ты ~л грипп?** дуде грипп кисан бахараб? 3) *что (схватив, удержать)* рехараб жо кквезе; **соба́ка ~ла кость** гьойца рехараб ракьа ккуна; **~ть бро́шенный мяч** рехараб торгIо кквезе 4) *что (поддержать)* чияр босизе; **~ть о́пыт передовико́в** хIалтIул церехъабазул хIалбихьи босизе, рахъ кквезе 5) *что (начать подпевать)* тIад рекъезабун ахIизе лъугьине; **дру́жно ~ть пе́сню** рекъон киназго цадахъ кечI ахIизе

ПОДХВА́ТЫВАТЬ *несов. см.* **подхвати́ ть**

ПОДХЛЕСТНУ́ ТЬ *сов.* 1) *кого* цодагьаб бацIизе (*цIалаца*); **~ коня́** чу цодагьаб бацIизе 2) *кого-что перен. разг.* хIалакинавизе, гIедегIизавизе; **~ отстаю́ щих** нахъа хутIулел гIедегIизаризе

ПОДХЛЁСТЫВАТЬ *несов. см.* **подхлестну́ть**

ПОДХО́Д *м* **1.** (*по гл.* **подойти́**) аскIобегIан бачIин **2**. (*место*) аскIобегIан бакI; **на ~ах к го́роду** шагьаралде аскIорегIан бакIазда **3**. (*совокупность приёмов*) бербалагьи, куц, къагIида; **пра́вильный ~ к де́лу** ишалдехун битIараб бербалагьи

ПОДХОДИ́ТЬ *несов. см.* **подойти́** ◊ **~ к концу́** ахиралде щвезе (гIагарлъизе)

ПОДХОДЯ́Щ//ИЙ, -ая, -ее 1) (*приемлемый*) рекъараб, ярагьунеб, данде кколеб; **~де́ло** данде кколеб, рекъолеб хIалтIи (*иш*) 2) (*удобный*) санагIатаб; **~ый моме́нт** санагIатаб заман (лахIзат)

ПОДЦЕПИ́ТЬ *сов. что 1)* базе, хурхинабизе; **~ ваго́н к парово́зу** паровозалда нахъа цоги вагон базе; **~ бревно́ багро́м** чIалуялда гъанцIа базе (*чIалу гъанцIаялъ кквезе*) 2) *перен. разг.* щвезе; **~ грипп** грипп щвезе, бахине

ПОДЦЕПЛЯ́ ТЬ *несов. см.* **подцепи́ ть**

ПОДЧА́С *нареч.* мех-мехалъ, зама-заманалдасан, цо-цо мехалъ; **~ быва́ет тру́дно** цо-цо мехалъ захIматго букIуна

ПОДЧЁРКИВАТЬ *несов. см.* **подчеркну́ть**

ПОДЧЕРКНУ́ТЬ *сов. что* 1) гъоркьан хIучч цIазе; **~ три стро́чки** лъабго мухъалда гъоркьан хIучч цIазе 2) *перен.* батIа гьабизе, кIвар кьезе, бихьизабизе; **~ ва́жность вопро́са** суалалъул кIвар букIин бихьизабизе

ПОДЧИНЕ́НИ//Е *с* **1.** (*по гл.* **подчини́ть**) мутIигI гьаби, кверщаликье боси, нахъбилълъинаби **2**. (*по гл.* **подчини́ться**) мутIигIлъи **3**. *грамм.* нахъбилълъин, нахъбилълъиналъул бухьен

ПОДЧИНЁНН//ЫЙ, -ая, -ое **1.** *грамм.* нахъбилълъараб; **~ое предложе́ние** нахъбилълъараб предложение **2**. *в знач. сущ.* **~ый** кверщаликъ вугев, мутIигI гьавурав (*мутIигIлъиялда вугев*) **3**. *в знач. сущ.* **~ая** кверщаликъ йигей, мутIигI гьаюрай (*мутIигI-лъиялда йигей*)

ПОДЧИНИ́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое нахъбилълъиналъулаб

ПОДЧИНИ́ТЬ *сов. кого-что кому-чему* мутIигI гьабизе, кверщаликье бачине, квершел гьабизе; **~ своему́ влия́нию** жиндирго кверщаликье бачине; **~ институ́т министе́рству** институт министерствоялъе мутIигIаблъун гьабизе (министетсвоялъул кверщаликье бачине)

ПОДЧИНИ́ТЬСЯ *сов. кому-чему* мутIигIлъизе, кверщаликье ине; **~ прика́зу** буюрухъалъе мутIигIлъизе

ПОДЧИНЯ́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **подчини́ть(ся)**

ПОДЧИ́СТИТЬ *сов. что* 1) рацIцIад гьаризе; **~ садо́вые доро́жки** ахил нухал рацIцIад гьаризе 2) (*стереть*) цIодорго хъва-гIазе, бацIцIине; **~ оши́бочно напи́санную бу́кву** мекъи хъвараб хIарп хъвагIазе (бацIцIине) 3) *разг.* щибго нахъе течIого лъугIизабизе, нахъе босизе

ПОДЧИСТУ́Ю *нареч. прост.* тIубанго, нахъе щибго течIого; **взять всё ~** щибго течIого, тIубанго (кинабго) нахъе босизе

ПОДЧИЩА́ТЬ *несов. см.* **подчи́стить**

ПОДШЁФН//ЫЙ, -ая, -ое жинда тIад къайимлъи гьабулеб, къайимлъиялда бугеб; **~ая шко́ла** къайимлъиялда бугеб школа

ПОДШИВА́ТЬ *несов. см.* **подши́ть**

ПОДШИ́ВКА *ж* **1.** (*по гл.* **подши́ть**) гьоркьан букъи; мицIир чIвазабун букъи **2**. подшивка; **газе́тная ~** газетазул подшивка **3**. (*у платья и т.п.*) рагIалдасан гьоркьан букъараб жо; **~ оторвала́сь** гьоркьан букъараб жо тIун (батIалъун) бачIун буго

ПОДШИ́ПНИК *м тех.* подши́пник

ПОДШИ́ТЬ *сов. что* 1) гьоркьан букъизе; гьоркь жо букъизе; **~ подкла́дку к пальто́** палтоялда (*гьоркьан*) гьоркьлъел букъизе 2) жанибе чIван букъизе, къокъ гьабизе; **~ подо́л пла́тья** гурдил ахалъи жанибе чIван букъизе; **~ плато́к** кIазил мицIир букъизе (*жанибе чIван*) 3) (*пришить подмётку*) лаб чIвазе (*бу-къизе*), базе 4) (*прикрепить*) букъизе, рекIинабизе; **~ протоко́л к де́лу** протокол делоялда букъизе

ПОДШУТИ́ТЬ *сов. над кем-чем лъиданиги* тIад велъизе; махсара гьабизе; валъаргъине

ПОДШУ́ЧИВАТЬ *несов. см.* **подшути́ть**

ПОДЪЕ́ЗД *м* **1.** (*по гл.* **подъе́хать**) аскIорегIан рачIин (*рекIун*) **2.** (*путь к чему-л.*) *(сунданиги)* аскIобе бачIунеб нух; **~ к реке́** гIурухъе (*гIурул рагIалде бачIунеб*) нух **3**. (*вход*) кIалтIу, жанире лъугьунеб бакI, подъезд; **пара́дный ~** къотIносанго жанире лъугьунеб бакI, къотIносан бугеб кIалтIу, къотIнобе кIалтIу

ПОДЪЕЗДН//О́Й, -ая, -ое: **~ые пути́** аслиял нухазда аскIоре рачIунел нухал

ПОДЪЕЗЖА́ТЬ *несов. см.* **подъе́хать**

ПОДЪЁМ *м* **1.** (*по гл.* **подня́ть**) борхи, боси **2**. (*по гл.* **подня́ться**) эхеде бахин **3**. (*рост, развитие*) цебетIей; **~нарóдного хозя́йства** халкъияб магIишат цебетIей **4**. (*воодушевление*) шавкъ, гьира; **говори́ть с ~ом** шавкъалда кIалъазе **5**. (*участок пути*) эхедерай; **крутóй ~** цIакъ эхетараб эхедерай **6**. (*ноги, обуви*) къоно; **сапóг жмёт в ~е** чакма кьанилъан кьан буго **7**. (*побудка*) тIаде рахъине кьолеб сигнал

ПОДЪЁМНИК *м* борхаро, лифт, бакIлъи борхулеб механизм (машина)

ПОДЪЁМН//ЫЙ, -ая, -ое **1.** 1) эхеде борхулеб; **~ый кран** бакIлъи эхеде борхулеб кран 2) **~ый мост** борхулеб кьо **2**. *в знач. сущ.* **~ые** *мн.* хIалтIизе *киреиги* ритIулеб механъ кьолеб гIарац

ПОДЪЕ́ХАТЬ *сов.* 1) *к кому-чему* рекIун *сунде-лъиде бугониги* гIагарлъизе; **~ к до́му** рекIун вачIун рукъалде гIагарлъизе 2) *подо что* гьоркье ине; **~ под мост** рекIун кьода гьоркье ине 3) *к кому перен. лъихъе бугониги* щвезе (*рекIун*)

ПОДЫМА́ТЬ(СЯ) *несов. разг. см.* **подня́ть(ся)**

ПОДЫСКА́ТЬ *сов. кого-что щивниги* (*щибниги*) валагъизе; цIехон балагъизе; **~ себе́ помо́щника** жиндиего кумекчи валагъизе

ПОДЫ́СКИВАТЬ *несов. см.* **подыска́ть**

ПОДЫТО́ЖИВАТЬ *несов. см.* **подыто́жить**

ПОДЫТО́ЖИТЬ *сов. что* хIасил (жамгI) гьабизе; **~ расхо́ды** жаржазул хIасил (хIисаб) гьабизе, данде росизе

ПОДЫХА́ТЬ *несов. см.* **подо́хнуть**

ПОДЫША́ТЬ *сов.* хIухьел босизе, цIазе; **~ све́жим во́здухом** цIияб (бацIцIадаб) гьава цIазе

ПОЕДА́ТЬ *несов. см.* **поесть** [2, 3]

ПОЕДИ́НОК *м* кодоб ярагъгун кIигоял рагъи, дуэль; дандчIвай; **~ боксёров** боксеразул дандчIвай (*рингалда*); *перен.* къец

ПОЕДО́М *нареч. разг.*: ◊ **~ есть** *кого-л.* гьоркьоса къотIи-чIого семизе, бадирчIваял гьаризе; гьокьоса къотIичIого, тIаса ричIичIого хIанчIезе (*шурулел жал*)

ПО́ЕЗД *м* поезд; **~ да́льнего сле́дования** рикIкIаде (*хъвадулеб*) унеб поезд ◊ **сва́дебный ~** *уст.* бертадул гIахьалчагIигун унел гIемерал гьакал, машинаби

ПОЕ́ЗД//КА *ж* къокъаб сапар; сапаралда вукIин; **соверши́ть ~ку по стране́** улкаялда къокъаб сапар гьабизе; **верну́ться из ~ки** сапаралдаса тIад вуссине

ПОЕ́//СТЬ *сов.* 1) *что, чего и без доп. (немного)* кIалдиб жо лъезе, дагъа-макъаб жо кванаезе; **~сть пе́ред доро́гой** нухда вахъиналде кIалдиб жо лъезе 2) *что (съесть без остатка)* кванан лъугIизабизе 3) *что (испортить)* кванан хвезабизе; **моль ~ла мех** ицица кванан къехь хвезабун буго

ПОЕ́ХА//ТЬ *сов.* 1) (*о средствах передвижения*) рекIун ине; **~ть на парохо́де** гамида рекIун ине 2) (*покатиться*) хъущтIун ине; **но́ги ~ли по льду** хIатIал цIородасан хъущтIана 3) (*спуститься*) хъущтIун ине, ччукIун ине, гIодобе ине; **чуло́к ~л** щвата ччукIун (*гIодобе*) ана

ПОЖА́ДНИЧАТЬ *сов.* хъантIизе, *сундулъниги* барахщи бихьизабизе

ПОЖАЛЕ́ТЬ *сов.* 1) *кого-что* гурхIизе; **~ сиро́т** бесдалазда гурхIизе 2) *о ком-чём, чего и с союзом «что»* ракI хвезе; **~ о поте́рянном вре́мени** гIадада араб (*хвараб*) заманалда хадуб ракI хвезе 3) *кого-что, чего (поберечь)* цIунизе; **~ си́лы** къуват цIунизе 4) *что, чего (поскупиться)* барахщизе; **~ де́ньги (де́нег)** гIарцуда барахщизе

ПОЖА́Л//ОВАТЬ *сов. уст.* 1) (*прийти*) вачIине 2) *повел.*: **~уйте сюда́!** гьаниве вачIа! 3) *кого-что чем, кому что (одарить)* шапакъат кьезе, савгъатлъун кьезе ◊ **добро́ ~овать!** лъикI щварал!

ПОЖА́ЛОВАТЬСЯ *сов.* 1) (*подать жалобу*) гIарза кьезе 2) (*высказать жалобу*) гIарз бахъизе, гIарзагъине

ПОЖА́ЛУЙ *водн. сл.* буголъила, букIине бегьула; балики; **он, ~, прав** балики, гьев витIун ватизеги бегьула (*балики, гьев витIун вуго*)

ПОЖА́ЛУЙСТА *частица* 1) (*вежливая просьба*) дала кьегийин, гьарула; **дай мне, ~, воды́** дала кьегийин, дие лъим кье; **~, не шуми́те** гьарула, хъудуге 2) (*вежливое согласие*) **~, приходи́те** разияв вуго, вачIа дурго (*цIакъ бегьила, вачIа дурго*)

ПОЖА́Р *м, прям., перен.* цIа, цIаккей; **туши́ть ~** цIа свинабизе ◊ **как на ~** цIа ккараб бакIалде гIадин; цIакъ хехго, гIедегIун

ПОЖА́РИТЬ *сов. что* 1) бежизе; **~ немно́го мя́са** цодагьаб гьан бежизе 2) (*кончить жарить*) режун рахъинаризе; **~ все пирожки́** киналго пирожокал режун рахъинаризе

ПОЖА́РИЩЕ *с* цIа ккараб бакI (*бухIараб бакIалъул хутIакIучигун, рахъугун)*

ПОЖА́РНИК *м* пожарник (*цIа свинабулев чи, цIа свинабулезул командаялъул чи)*

ПОЖА́Р//НЫЙ, -ая, -ое **1.** 1) цIаккеялъул; **~ая трево́га** цIаккеялъул ахIи 2) **~ый наcóc** цIа ккедал, лъим кьабулеб насос **2**. *в знач. сущ.* **~ый** *м* пожарник (*цIа свинабулев*)

ПОЖА́ТИЕ *с* (*по гл.* **пожа́ть**[2]) данде кьай

ПОЖА́ТЬ[1] *сов. что* данде къазе; бачине; **~ друг дру́гу ру́ки** цоцазул кверал рачине ◊ **~ плеча́ми** гъажибутIрул рорхихаризе, данде къазе (*гIажаиблъи гьабун*)

ПОЖА́ТЬ[2] *сов. что* 1) *с.-х.* лъилъизе; **~ пшени́цу** ролъ лъилъизе; **что посе́ешь, то и пожнёшь** *посл.* бекьараб гурони, лъ-

илъуларо 2) ◊ *перен.* ~ **плоды́ свои́х трудо́в** дуцаго гьабураб дуего батизе

ПОЖЕВА́ТЬ *сов. что* чIамизе

ПОЖЕЛА́НИ//Е *с* мурад, бокьараб жо, анищ; **~е успе́ха** бергьенлъи щвей мурад букIин (*мурад бергьенлъи щвей букIин*); **ново́годние ~я** ЦIияб соналъул гьа́риял

ПОЖЕЛА́ТЬ *сов. что, чего с неопр. и с союзом «что»* мурадлъун, анищлъун букIине; бокьизе ~ **успе́ха** бергьенлъи щвей мурад букIине

ПОЖЕЛТЕ́ЛЫЙ, -ая, -ое тIогьиллъараб; ~ **лист** тIогьиллъараб тIамач

ПОЖЕЛТЕ́//ТЬ *сов.* тIогьиллъизе; **ли́стья ~ли** тIанхал тIогьиллъана (тIамах тIогьиллъана)

ПОЖЕНИ́ ТЬ *сов. кого* чIужу (*лъади*) ячине (*лъиениги*)

ПОЖЕНИ́ТЬСЯ *сов.* чIужу (*лъади*) ячине, ригьин гьабизе (*жиндиего*)

ПОЖЕ́РТВОВАНИЕ *с* **1.** (*по гл.* **пожéртвовать**) садакъаде жо кьей, лъикIаб гьариялъе кьей, кьурбанлъун кьей **2**. садакъа, кьурбан

ПОЖИВА́//ТЬ *несов.* гIумру гьабизе; **как вы ~ете?** мун кин вугев? дур щиб хIал бугеб (*дур рукIа-рахъин, бетIербахъи кин бугеб?*)

ПОЖИВИ́ТЬСЯ *сов. чем разг.* бетIербахъиялъе гIамал гьабизе, *лъидасанниги* бетIербахъи гьабизе; ~ **за счет друго́го** цогиясул хIисабалдасан бетIербахъи гьабизе; ~ **чужи́м добро́м** чияр боцIудасан бетIербахъи гьабизе

ПОЖИ́ ЗНЕНН//ЫЙ, -ая, -ое гIумруялъго, хвезегIанго букIунеб; **~ая пе́нсия** гIумруялъго, хвезегIан букIунеб (*кьолеб*) пенсия; **~ое заключе́ние** гIумруялъго жанив тIами (*туснахъ гьави*)

ПОЖИЛ//О́Й, -ая, -ое ригьдаса арав, бахIарав гурев, херлъиялде варав; **~о́й челове́к** ригьдаса арав чи; **в ~ом во́зрасте** ригьдаса араб гIумруялда

ПОЖИМА́ТЬ *несов. см.* **пожа́ть**[1]

ПОЖИНА́ТЬ *несов.:* ◊ ~ **ла́вры** щвараб машгьурлъиялдаса пайда (*кеп*) босизе

ПОЖИРА́ТЬ *несов. кого-что* 1) см. **пожра́ть;** 2) *перен.* (*уничтожить*) кванан лъугIизабизе, тIагIинабизе ◊ ~ **глаза́ми** хъантIун валагьизе; бераз кваназе; бер тIаса босичIого валагьизе

ПОЖИ́ТК//И *мн. разг.* рукъалъул къайи-къоно, къайи-матахI; **со все́ми ~ами** кинабго къайи-къоногун

ПОЖИ́ТЬ *сов.* гIумру (*яшав*) гьабизе, бетIербахъи гьабизе; **он ма́ло пожи́ л** гьес дагьаб мех бана (*дунялалда*) ◊ **поживём-уви́ дим** *погов.* хвечIого-инчIого хутIани, бихьила; бихьила-рагIила

ПОЖРА́ТЬ *сов. прост.* 1) *чего и без доп.* хъантIун кванан лъугIизабизе (*тIагIинабизе*) 2) *кого-что лъихъниги-сундухъниги* бер тIаса босичIого, хъантIун валагьизе; бераз кваназе

ПО́З//А *ж* чIараб куц, къагIида (*чиясул*); **приня́ть ~у** хъитIун чIезе; къвалакь квералъ чIван чIезе; гьетIун чIезе

ПОЗАБА́ВИТЬ *сов. кого-что* дагьабго аваданлъи гьабизе, рекIелгъей, кеп-гIоркь гьабизе *(лъиениги)*

ПОЗАБА́ВИТЬСЯ *сов.* аваданлъиялда вукIине, рекIелгъей гьабизе, кеп-гIоркь гьабизе (*жиндиего*)

ПОЗАБО́ТИТЬСЯ *сов. о ком-чём* тIалаб-агъаз гьабизе (*лъилниги-сундулниги)*

ПОЗАБЫ́ //ТЬ *сов. кого-что, о ком-чём и с неопр.*кIочене, кIочон тIезе, ракIалдаса ине; ~ **ть това́рищей** гьалмагъзаби кIочон тезе; **он ~л взять кни́ гу** гьесда тIехь босизе кIочон тана

ПОЗАВИ́ДОВАТЬ *сов. кому-чему* жахIда ккезе, бер чIегIерлъизе; ~ **това́рищу** гьалмагъасулъ жахIда ккезе

ПОЗА́ВТРАКАТЬ *сов.* радал кваназе

ПОЗАВЧЕРА́ *нареч.* церекъад

ПОЗАВЧЕРА́ШНИЙ, -яя, -ее *разг.* церекъад ккараб, букIараб

ПОЗАГОРА́ТЬ *сов.* бакъуца вухIизе; ~ **на пля́ же** пляжалда бакъуца вухIизе

ПОЗАДИ́ *нареч. и предлог с род. п.* нахъа; **са́мое тру́дное** ~ бищунго захIматIаб нахъа тана (*хутIана*); **идти́ ~ всех** киназдасаго нахъа (*хадув*) ине, киназдасаго нахъа хутIизе; **он сиде́л ~ меня́** гьев дида нахъа гIодов чIун вукIана

ПОЗАЙМСТВОВАТЬ *сов. что* 1) (*перенять*) босизе, цогидалдасан пайда босизе; цогидалда релъгьинабун гьабизе 2) (*взять взаймы*) къарзалъ босизе, тIад гьабун босизе, бекIеда босизе

ПОЗАПРО́ШЛ//ЫЙ, -ая, -ое кьертсияб (*кьерцсияб*); аралда цебесеб; **~ое воскресе́нье** аралда цебесеб гьатIан; **~ый год** кьертсияб (*кьерцсияб*) сон

ПОЗАРЕ́З *нареч. разг.* чара гьечIого

ПОЗВА́ТЬ *сов. кого* ахIизе; ~ **на по́мощь** кумекалъе ахIизе; ~ **гостéй** гьалбал ахIизе

ПОЗВОЛЕ́НИ//Е *с* изну, ихтияр (*кьей*), рухса; **получи́ ть ~е** изну щвезе; **с ва́шего ~я** нужер изнуялдалъун

ПОЗВОЛИ́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое гьабизе бегьулеб, биччалеб; гьукъичIеб

ПОЗВО́Л//ИТЬ *сов.* 1) *кому-чему что и с неопр. (разрешить)* изну кьезе, ихтияр кьезе; **~ь(те) пройти́** ине изну кье; 2) *кому-чему, с неопр. и что (дать возможность)* рес кьезе; **здоро́вье не ~ило мне прие́хать** сахлъиялъ дие вачIине рес кьечIо (*ккечIо*) 3) *повел.* **~ь(те):** а) (*при несогласии*) чIая; **~ь, что тако́е ты говори́шь?** чIая, щиб бицунев мун вугев? б) (*при припоминании*): **~ь(те), я вас где́-то ви́ дел** чIая, дида мун цо кивалиго вихьана

ПОЗВОЛЯ́ ТЬ *несов. см.* **позво́лить**

ПОЗВОНИ́ТЬ *сов. во что, чем* цIумур кьабизе (*бухизе*); ~ **в ко́локол** цIумур бухизе; ~ **по телефо́ну** телефоналъ ахIизе (*кIалъазе*)

ПОЗВОНО́К *м анат.* гьодил (*мугъзагьодил*) ракьа

ПОЗВОНО́ЧНИК *м анат.* мугъзагьод

ПОЗВОНО́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое: **~ый столб** *анат.* мугъзагьодалъул хIуби; **~ые живо́тные** мугъзагьодал ругел хIайванал

ПО́ЗДН//ИЙ, -яя, -ее 1) кватIараб, кватIун бачIараб (*щвараб*); **~ий ве́чер** сардил кватIараб гIуж; **~яя о́сень** кватIун щвараб хаслихълъи 2) кватIун вачIарав; **~ий гость** кватIун вачIарав гьобол 3) хъукьаб (*кватIун барщулеб, тIегьалеб)*; **~ие цветы́** хъукьал, кватIун тIегьалел тIугьдул

ПО́ЗДНО 1. *нареч.* кватIун; ~ **но́чью** сардилъ кватIун; ~ **лечь** кватIун вегизе **2**. *безл. в знач. сказ.*: **уже́** ~ кватIун буго ◊ **лу́чше ~, чем никогда́** гьабичIого теялдаса кватIун гьабиги лъикIаб; **ра́но или ~** кида-къадги, кида бугониги

ПОЗДОРО́ВАТЬСЯ *сов. с кем* гьикъа-бакъаризе, цоцазе салам кьезе

ПОЗДОРОВЕ́ТЬ *сов.* сахлъизе, чорхолъ витIизе, щулалъзе

ПОЗДОРО́ВИТ//ЬСЯ *сов. безл.*: **ему́ не ~ся** гьесие квеш ккела (ккезе буго), лазатбахъиял рукIине руго

ПОЗДРАВИ́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое баркиялъулаб, рахьи бараб (*баялъул*); **~ая телегра́мма** баркиялъулаб телеграмма

ПОЗДРА́ВИТЬ *сов.* кого-*что с чем* баркизе, ра́хьи базе; ~ *кого́-л.* **с днём рожде́ния** *лъиданиги* гьавураб къо баркизе

ПОЗДРАВЛЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **поздра́вить**) барки, рахьи бай **2**. (*приветствие*) салам кьей

ПОЗДРАВЛЯ́ ТЬ *несов. см.* **поздра́вить**

ПОЗЕЛЕНЕ́//ТЬ *сов.* 1) гIурччинлъизе, гIурччинкьер чIвазе; **луга́ ~ли** харибакIал (*мучIдул, сагаби*) гIурччинлъана 2) (*от гнева*) щцидакьер чIвазе, щцидаца гьумер гIурччинлъизе

ПОЗЁМКА *ж* цIорораб гIодогьури

ПОЗЁР *м* ри́хьдаежал гьарулев, рицунев чи; хIадарулев чи; ххвел-кIеч гIемерав чи

ПОЗЁРСТВО *с* ри́хьдаежал гьари, рицин; ххвел-кIеч гьаби, хIадари

ПО́ЗЖЕ *сравн. ст. от* **по́здно**; хадуб; **он пришёл ~ меня́** гьев дидаса хадув (*дидаса кватIун*) вачIана

ПОЗИ́ РОВАТЬ *несов.* 1) сурат бахъизе цеве чIезе (*фотографасда, художникасда*) 2) (*рисоваться*) ри́хьдаежал гьаризе

ПОЗИТИ́ В *м фото* позитив (*пленкаялдаса (негативалдаса) кагътиде босараб сурат)*

ПОЗИ́ЦИ//Я *ж* 1) (*положение*) позиция (*бугеб бакI*); **~я гла́сного в сло́ве** рагIулъ рагьараб гьаракьалъул позиция (*бугеб бакI)* 2) *мн.* **~и** (*район военных действий*) рагъулал ишал ругеб бакI (*рагъал ругеб бакI*) 3) *перен. (точка зрения*) ккураб нух, пикру; **отста́ивать свою́ ~ю** жиндирго пикру ккун чIезе

ПОЗНАВА́ЕМОСТЬ *ж филос.* лъазе, хадур гIунтIизе (*нахъгIунтIизе*) рес букIин; **~ явле́ний** лъугьа-бахъиназда хадур нахъгIунтIи

ПОЗНАВА́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое нахъгIунтIулеб, лъазе рес бугеб; нахъгIунтIиялъулаб

ПОЗНАВА́ТЬ *несов. см.* **позна́ть**

ПОЗНА//ВА́ТЬСЯ *несов.* лъазе, баянлъизе; **друзья́ ~ю́ тся в беде́** *посл.* гьудулзаби кьварилъи ккедал (къо ккедал) лъала

ПОЗНАКО́МИТЬ *сов. кого-что с кем-чем* лъай-хъвай гьабизе; **~ с но́вым сотру́дником** цIияв хIалтIухъанасулгун лъай-хъвай гьабизе

ПОЗНАКО́МИТЬСЯ *сов.* 1) *с кем* лъай-хъвай гьабизе; лъай-хъвай ккезабизе 2) *с чем* хал-шал гьабизе, хIал бихьизе

ПОЗНА́НИ//Е *с* **1.** (*по гл.* **позна́ть**) нахъгIунтIи **2.** *мн.* **~я** лъай; **у него́ больши́е ~я в фи́зике** физикаялда гьесул кIудияб лъай буго; **тео́рия ~я** нахъгIунтIиялъул теория

ПОЗОЛО́Т//А *ж сунданиги* тIад гьабураб меседил хъал; **часы́ с ~ой** меседил хъал гьабураб сагIат

ПОЗОЛОТИ́ ТЬ *сов. что* (*покры́ ть позоло́той*) тIад меседил хъал гьабизе (*месед биччазе, бекьизе*) ◊ **~ ру́ку** гIарац кьезе

ПОЗОЛО́ЧЕННЫЙ, -ая, -ое тIад месед бекьараб, тIаде месед биччараб

ПОЗНА́ТЬ *сов.* 1) *кого-что* лъазе, бичIчIизе, нахъгIунтIизе; **~ приро́ду** тIабигIаталда нахъгIунтIизе, тIабигIат бичIчIизе 2) *что (испытать)* бихьизе; **~ го́ре** кьварилъи бихьизе, хIехьезе ккезе

ПОЗО́Р *м* рогьо, сури; **покры́ ть себя́ ~ом** живго суризавизе ◊ **вы́ ставить на ~** киназдаго цевесан суризавизе

ПОЗО́РИТЬ *несов. кого-что* суризавизе, басра гьавизе; **~до́брое имя** лъикIаб цIаралда хъубаб тIанкI лъезе, гIодобегIан гьабизе

ПОЗО́РИТЬСЯ *несов.* суризе, басралъизе, гIодовегIанлъизе

ПОЗО́РН//ЫЙ, -ая, -ое сурараб, рогьояб, гIодобегIанаб; **~ое поведе́ние** сурараб хьвада-чIвади ◊ **пригвозди́ ть к ~му столбу́** рогьоялъул хIобода вазе, рогьоялъул мугьру чIвазе

ПОЗУМЕ́НТ *м* меседкуналъул чалу, чIоло

ПОЗЫ́ В *м* хIажат тIубазе вачIин; **~ на рво́ту** лагIизе вачIин

ПОЗЫВН//О́Й, -ая, -ое **1.** ахIиялъул; **~о́й сигна́л** ахIиялъул сигнал **2**. *в знач. сущ.* **~ые** *мн.* сигналал (ахIиял); *принять чьи-л.* **~ые** *лъил ругониги* сигналал къабул гьаризе

ПОИГРА́ТЬ *сов.* дагьаб мехалъ васандизе; хъвазе, бачине (*на музыкальном инструменте*); **~ с детьми́** дагьаб мехалъ лъималгун васандизе; **~ на гита́ре** гитара хъвазе *(гитараялда бакъан бачине)*

ПОЙ́ЛКА *ж* поилка (*хIайваназ, хIанчIаз жанисан лъим гьекъолеб санагIалъи; унтаразе лъим кьолеб халатаб моцIу бугеб чашка),* лъим кьолеб жо

ПОИМЁННО *нар.* цIар-цIарккун; **вызыва́ть ~** цIар-цIарккун ахIизе

ПОИМЁННЫЙ, -ая, -ое цIарал ккун гьабураб, цIар-цIарккун бугеб; **~ спи́ сок** цIар-цIарккун бугеб список (сияхI)

ПОЙ́МКА *ж* (*по гл.* **поймА́ть**) кквей; **~ престу́пника** такъсирчи кквей

ПО-ИНО́МУ *нареч.* батIайиса

ПОИНТЕРЕСОВА́ТЬСЯ *сов. кем-чем* интерес гьабизе, лъазе бокьизе, лъазе тIалаб гьабизе

ПО́ИСК *м* 1) *мн.* **~и**: **отпра́виться на по́иски** ралагьизе къватIире рахъине 2) *мн.* **~ и** *геол.* ралагьи; **~и поле́зных ископа́емых** пайдаял магIданал ралагьи 3) *воен.* разведка; **ночно́й ~** къасисеб разведка

ПОИСКА́ТЬ *сов. кого-что* балагьизе; **поищи́ себе́ помо́щника** дуего кумекчи валагье

ПОИ́ СТИНЕ *нареч. книжн.* унго-унгоги, хIакъикъаталдаги

ПОИ́ ТЬ *несов. кого* гьекъезабизе, гьекъезе кьезе; **~ ча́ем** чай гьекъезабизе ◊ **~ и корми́ ть** квана-гьекъезавизе; хьихьизе

ПОЙДУ́ , пойдёшь *и т.д. будт. от* **пойти́**

ПО́ЙЛО *с* чури (*хIайваназе кьолеб*)

ПО́ЙМА *ж* гIор, лъар щвараб мехалъ, лъим кIанцIун лъалъалеб бакI ; лъикIаб хер бижулеб бакI

ПОЙМА́ТЬ *сов. кого-что* ккквезе; **~ му́ху** тIутI ккквезе; **~** *кого-л.* **на сло́ве** кIалдиса борчIараб рагIи ккун чIезе

ПОЙМУ́ , поймёшь *и т.д. буд. от* **поня́ ть**

ПОЙТИ́ *сов.* 1) ине; **~ в лес** рохьове ине; **~ пешко́м** лъелго ине; **по́езд пойдёт в три часа́** поезд сагIат лъабгоялда уна; **~ в го́сти** гьоболлъухъ ине 2) (*начать идти*) ине лъугьине 3) (*начать что-л. делать*) *щибниги* гьабизе лъугьине 4) (*оказаться к лицу*) рекъезе (*ретIел*) ◊ **пошёл вон!** тIагIа цевеса!; **он пошёл в отца́** гьев инсуда релълъарав лъугьана

ПОКА́ 1.*нареч.* (*в данное время*) гьабсагIат; **он ~ учится** гьев гьабсагIат цIалулев вуго **2.** *союз.* 1) (*в то время как*) **~ он у́чится, ему́ на́до помо́чь** гьев цIалулев вугебгIан мехалъ, гьесие кумек гьабизе ккола 3) жиги; **~ пи́сем нет** жиги кагътал (*рачIунел*) гьечIо 4) -гIан: **сиди́ , пока́ я не верну́сь** дун вачIинегIан (*тIад вуссинегIан*) гIодов чIун вукIа

ПОКА́З *м* (*по гл.* **показа́ть**) бихьизаби; **~ кинофи́ льма** кинофильм бихьизаби; **как на ~** рихьдаего гIадин

ПОКАЗА́НИ//Е *с* 1) *юр.* бихьизаби, бицараб жо (*сурав босулелъул, цIех-рех гьабулелъул*); **~е свиде́теля** нугIасул бихьизаби; **дать ~** лъалеб жо бицине (бихьизабизе) 2) бихьизабулеб жо, показание; **~я баро́метра** барометралъ рихьизарулел жал (*бихьизабулеб жоялъул роцен*)

ПОКАЗА́ТЕЛ//Ь *м* гIаламат, бихьизабулеб жо; **~и ка́чества** лъикIлъи-квешлъиялъул гIаламатал (*качество бихьизабулел жал*)

ПОКАЗА́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое 1) (*характерный*) хасиятаб; **~ при́ знак** хасиятаб гIаламат 2) (*устроенный для всеобщего сведения*) цогидаздаги (*киназдаго*) лъазелъун гьабулеб; цогидазе мисаллъун букIине (*мисалалъе*) гьабулеб; **~ суд** цогидазе мисаллъун букIине гьабулеб суд, диван 3) (*образцовый*) мисалияб

ПОКАЗА́ТЬ *сов.* 1) *кого-что* бихьизабизе; **~ свою́ карти́ ну** жиндирго (*жинцаго бахъараб*) сурат бихьизабизе; **~ фо́кус** сихIру бихьизабизе; **~ го́род** шагьар бихьизабизе; **~ больно́го врачу́** унтарав тохтирасда вихьизавизе 2) *на кого-что:* **~ руко́й на окно́** квер битIун горду бихьизабизе 3) *что (объяснить)* бичIчIизабизе, малъизе; **~ пра́вила умноже́ния** кьабиялъул правилаби малъизе, ричIчIизаризе 4) *что (проявить, обнаружить)* бихьизабизе, загьир гьабизе; **~ сто́йкость** къвакIи (*къуркьи гьечIолъи, чIей-хьей*) бихьизабизе; **~ лу́чший результа́т** бищунго лъикIаб хIасил бихьизабизе 5) *что (явиться свидетельством*): **война́ показа́ла,что мы непобеди́ мы** рагъалъ нилъ къезаризе кIоларел (къуркьи гьечIел) рукIин бихьизабуна 6) *что (об измерительных приборах):* **часы́ показа́ли полночь** сагIтица сордо бащалъараб мех букIин бихьизабуна 7) *с союзом* **«что»** (*дать показания*) бицине, бихьизабизе ◊ **~ приме́р** мисал бихьизабизе; **я ему́ покажу́!** дица бихьизабила гьесда!

ПОКАЗА́//ТЬСЯ *сов.* 1) (*стать видным*) бихьизе; баккун бачIине; **из-за туч ~лась луна́** накIкIазда нахъасан моцI баккун бачIана; **на глаза́х ~лись слёзы** бадир магIил гарал раккун рачIана (рихьулел рукIана) 2) (*прийти, появиться*) вачIине, ваккизе; **~ться впервы́е по́сле боле́зни** унтудаса хадув тIоцебесеб нухалъ вачIине (ваккизе) 3) (*прийти на осмотр*) хал гьабизе ва-чIине, вихьизе вачIине; **~ться врачу́** тохтурасухъе хал гьабизе вачIине 4) *безл. (почудиться)* ккезе; **мне ~лось** дида ккана (*батилилан ккана*), цебе тIамуна

ПОКАЗН//О́Й, -ая, -ое 1) (*для показа*) бихьизе гьабураб, цIаруе гьабураб; **~о́й това́р** бихьизе (цIаруе) гьабураб къайи 2) (*притворный*) рихьдаего (*гьабулеб*); **~а́я ро́скошь** рихьдае (*бугеб*) гьабулеб чIухIи, тIокIборчIи, бечелъи; ххвалие гьабулеб; **~ы́е сле́зы** ххвалил магIу (*ххвалиего гIоди*)

ПОКА́ЗЫВАТЬ *несов.* **показа́ть** ◊ **~ па́льцем** килищ цун (*килщица*) бихьизабизе

ПОКА́ЗЫВАТЬСЯ *несов. см.* **показа́ться**

ПОКАЛЕ́ЧИТЬ *сов. кого-что разг.* гIажизлъизавизе, сакъатлъизавизе, гIайиблъизабизе (*лага*)

ПОКАЛЕ́ЧИТЬСЯ *сов. разг.* гIажизлъизе, сакъатлъизе, гIайиблъизе

ПОКА́ЛЫВА//ТЬ *несов. безл. что, в чём* хIенсезе, борлъаризе; **у меня́ ~ет в боку́** дир хьолболъ хIенсолеб, борлъарулеб буго

ПОКАРА́ТЬ *сов. кого-что* тамихI гьабизе, жаза гьабизе

ПОКАРАУ́ ЛИТЬ *сов. кого-что и без доп. разг.* дагьаб мехалъ хъаравуллъи гьабизе, хал ккун чIезе

ПОКАТА́ТЬ *сов.* 1) *кого-что сунданиги* рекIун, хьвадизавизе, тира-сверизавизе, хъещтIезавизе; **~дете́й** лъимал хъещтIезаризе 2) *что* гиргидизабизе; **~ мяч** торгIо гиргидизабизе

ПОКАТА́ТЬСЯ *сов.* рекIун тира-сверизе, хъещтIезе; **~ на ло́дке** росода тира-сверизе

ПОКАТ//И́ТЬ *сов.* 1) *что* гиризе; **~ить бо́чку к маши́не** чирмакъали машинаялда аскIобе гиризе 2) *разг. (поехать)* хехго *кире ругониги* ине (*рекIун*); **~и́ть в го́род** рекIун хехго шагьаралде ине

ПОКАТИ́//ТЬСЯ *сов.* 1) гирун ине, хъущтIун ине; **мяч ~лся под стол** торгIо столалда гьоркье гирун ана; **ка́мень ~лся с горы́** гьорчо магIардаса гирун ана 2) (*быстро поехать*) хехго (*рекIун*) ине 3) (*потечь – о слезах, поте*) гирун ине; **~лись сле́зы** магIил гарал гирун ана ◊ **~ться со́ смеху** кIарун велъизе, гIагIаялда велъизе, гьаракь биччан велъизе

ПОКА́ТОСТЬ *ж* лабаллъи

ПОКА́ТЫВАТЬСЯ *несов.: ~* **со́ смеху** *разг.* кутакалда велъанхъизе, гIагIадизе

ПОКА́Т//ЫЙ, -ая, -ое лабалаб, лабаллъи ккараб, дагьаб гIодобе балагьараб; **~ый холм** лабалаб гохI; **~ые пле́чи** гIодоре риччарал (даларал) кIигъуждул

ПОКАЧА́ТЬ *сов.* 1) *кого-что кигIаналиго* заманалъ кIивикIизе; **~ ребёнка** лъимер кIибикIизе 2) *чем* хьвагIезабизе; **~ голово́й** бетIер хьвагIезабизе 3) *что, чем (насосом)* (*насосалъ лъим*) кьабизе

ПОКАЧА́ТЬСЯ *сов.* гьелчезе; **~ на каче́лях** гьулакалда гьелчезе

ПОКА́ЧИВАТЬ *несов.* 1) зама-заманалдасан (гьаругьин) кIибикIизе, хьвагIезабизе; **~ голово́й** бетIер хьвагIезабизе; **~ лю́льку** кини кIибикIизе

ПОКА́ЧИВА//ТЬСЯ *несов.* хьвагIолеб, гьанкIолеб букIине; **ло́дка ~лась на волна́х** раса карачалабазда хьвагIолеб букIана 2) (*при ходьбе*) хьвагIолев вукIине; **шёл ~ясь** хьвагIолаго унев вукIана

ПОКАЧНУ́ ТЬ *сов. что* чанго нухалъ хьвагIизе, кIибикIизе

ПОКАЧНУ́ //ТЬСЯ *сов.* 1) хьвагIун ине; **~ться от уда́ра** кьабараб жоялъ хьвагIун ине (тартадизе) 2) *перен. разг.* квешлъизе, чIимигIлъизе; **дела́ его́ ~лись** гьесул ишал квеш руго, чIимигI-лъун руго

ПОКА́ШЛИВАТЬ *несов.* зама-заманалдасан дагьав хъе-гIизе, хIалцен бачIине (хIалцазе)

ПОКА́ШЛЯТЬ *сов. кигIаналиго заманалъ* хъегIизе, хIалцазе

ПОКАя́НИЕ *с* тавбу гьаби, гьабуралда(са) ракI бухIи, рекIекълъи

ПОКА́ЯТЬСЯ *сов.* 1) (*раскаяться*) тавбу гьабизе, гьабуралда рекIекълъизе 2) (*признаться*) мукIурлъизе

ПОКИДА́ТЬ *несов. см.* **поки́ нуть**

ПОКИ́ НУ//ТЬ *сов.* 1) *кого-что* жахIабго тезе, рехун тезе; **~ть семью́** хъизан рехун тезе 2) *что:* **~ть го́род** шагьар рехун тезе 3) *что* нахъе ине; **~ть слу́жбу** хъулухъалдаса нахъе ине

ПОКЛАДА́Я : рабо́тать не ~ рук кверал тIатIала лъун чIечIого, хIалтIизе (*гьоркьоса къотIичIого, хIалтIизе*)

ПОКЛА́ДИСТЫЙ, -ая, -ое гIамал рекъарав, хасият берцинав; **~ челове́к** гIамал-хасият берцинав чи

ПОКЛА́ЖА *ж разг.* юк, раччи, гьир

ПОКЛЕВА́//ТЬ *сов.* 1) *что (всё)* гозо кIутIун бищизе, кваназе; **воробьи́ ~ли все кро́шки** къудкуз кинабго ричIчIи́ бищана 2) *что, чего (немного)* гозоялъ дагьал (*мугьал*) рищизе; **~ть зёрен** дагьал мугьал рищизе

ПОКЛЁП *м* бугьтан; **возвести́** *~ на кого́-л. лъиданиги* бугьтан лъезе

ПОКЛО́Н *м* икрам гьаби, салам; **переда́ть ~** салам битIизе ◊ **идти на ~ (с ~ом)** *к кому-л. лъихъениги* жиндирго мутIигIлъи, хIалимлъи бихьизабизе ине

ПОКЛОНЕ́НИЕ *с* 1) (*по гл.* **поклоня́ться**) бетIер къули; **~ и́ долам** хъанчие бетIер къули (*хъанчие лагълъи гьаби*) 2) (*преклонение*) икрам гьаби

ПОКЛОНИ́ТЬСЯ *сов. кому-чему лъиениги – сундуениги* бетIер къулизе (*бетIер къулун, хIурмат гьабизе*)

ПОКЛО́ННИК *м* 1) (*почитатель*) цIакъ хIурмат гьабулев чи; **~ ру́сской му́зыки** гIурус музыкаялъул цIакъ хIурмат гьабулев (*кутакалда бокьулев*) чи 2) (*влюблённый*) *лъихъниги-сундухъниги* рокьи ккарав чи

ПОКЛО́ННИЦА *ж лъилниги-сундулниги* цIакъ хIурмат гьабулей гIадан; *лъихъниги-сундухъниги* рокьи ккарай гIадан

ПОКЛОНЯ́ ТЬСЯ *несов. кому-чему* 1) (*чтить как божество*) бетIер чIван, хъулухъ гьабизе; **~ и́долам** хъанчие бетIер чIван лагълъи гьабизе 2) (*преклоняться*) бетIер чIван хIурмат гьабизе

ПОКЛЯ́ СТЬСЯ *сов. в чём с союзом* **«что»** *и с неопр.* гьедизе, гьа базе; **~ в ве́рности** ритIухълъиялъе гьа базе

ПОКО́ИТ//ЬСЯ *несов.* 1) хIалхьиялда вукIине; хIалхьи гьабизе 2) багъаричIого *сунданиги* тIад букIине; *кибниги* цIунун букIине 3) *уст.* букъун букIине; **здесь ~ прах геро́я** гьаниб букъун буго бахIарчиясул жаназа (хутIел)

ПОКО́//Й *м* 1) (*спокойствие, неподвижность*) парахалъи, рахIат, хIалхьи; **оста́вь меня́ в ~е** дун хIалхьиялда (парахат) те; **не дава́ть ~я** хIалхьиялда тунгутIизе (рахIат тунгутIизе) 2) *уст. (комната)* хIалхьи гьабулеб рукъ ◊ **приёмный ~й** (*больницаялда регизе*) унтарал къабул гьарулеб рукъ

ПОКО́ЙНИК *м* хварав чи

ПОКО́ЙНИЦА *ж* хварай чIужугIадан

ПОКО́ЙНИЦКАЯ *ж больницаялда* хварал чагIи лъолеб рукъ, морг

ПОКО́ЙН//ЫЙ, -ая, -ое **1.** 1((*тихий, смирный*) гIодобе биччараб, парахатаб, сабураб; **~ый нрав** гIодобе биччараб (*сабураб*) тIабигIат-гIамал 2) (*умерший*) хварав **2**. *в знач. сущ.* **~ый** хварав **3**. *в знач. сущ.* **~ая** хварай ◊ **бу́дьте ~ы** парахат рукIа; **~ой но́чи!** сордо лъикI!

ПОКОЛЕБА́ТЬ *сов.* 1) *что* хьвагIезабизе, гьаргьадизабизе, гьанкIезабизе 2) *что перен.* гIодобе ккезабизе, дагьлъизабизе, чучлъизабизе; *~ чей-л.* **авторите́т** *лъилниги* къадру-къимат гIодобе ккезабизе 3) *кого-что перен. (заставить усомниться)* щак-даризавизе, щак-щакалъулъе ккезавизе, васвасдизавизе

ПОКОЛЕ́НИ//Е *с* 1) наслу; **тре́тье ~е** лъабабилеб наслу 2) (*люди близкого возраста*) кьерилал, гIел бащадал; **совреме́нное ~е** гьанжесеб гIел; **молодо́е ~е учёных** гIалимзабазул гIолохъанаб гIел; **подраста́ющее ~е** гIун бачIунеб гIел; **из ~я в ~е** гIелалъ гIелалъухъе, наслуялдаса наслуялде

ПОКОЛОТИ́ТЬ *сов. разг.* 1) *кого (побить)* вухизе, кьабизе, вакине 2) *что (разбить многое*) гъурун базе; **~ стёкла** цIер (цIурдул) гъурун базе

ПОКОЛО́ТЬ[1] *сов.* 1) *что* рорлъ-рорлъун разе; **~ па́льцы** килщал рорлъ-рорлъун разе 2) *кго-что (убить многих)* гъуризе, гъурун разе

ПОКОЛО́ТЬ[2] *сов.* 1) *что, чего* гъуризе, хъвалхьине; **~ са́хару** чакар гъуризе; **~ дрова́** цIул хъвалхьине (*бичIизе*) 2) *что и без доп. (некоторое время)* дагьаб мехалъ хIенсезе

ПОКОЛО́ТЬСЯ[1] *сов. разг. (уколоться)* чанго бакIалдаса *яги* чанго нухалъ борлъ-борлъун ине

ПОКОЛО́ТЬСЯ[2] *сов. разг.* (*разбиться*) гъурун ине, бекун ине

ПОКО́НЧ//ИТЬ *сов с кем-чем* 1) лъугIизабизе, тIубазабизе; **с э́ тим де́лом ~ено** гьеб иш тIубазабуна 2) (*уничтожить*) тIагIинабизе; **~ить с враго́м** тушман тIагIинавизе ◊ **~ить с собо́й** живго жинцаго чIвазе , жиндирго ши лъугIизабизе

ПОКОРЕ́НИЕ *м* (*по гл.* **покори́ть**) мутIигI гьаби, кодобе боси, кверщел гьаби, бахъи ◊ **~е приро́ды** тIабигIат мутIигI гьаби

ПОКОРИ́ ТЕЛЬ *м* мутIигI гьарулев (*кверщел гьабулев*) чи ◊ **~ серде́ц** *шутл.* ракIазда кверщел гьабулев, руччабазул ракIал асир гьарулев чи

ПОКОРИ́ТЕЛЬНИЦА *ж* мутIигI гьарулей (*кверщел гьабулей)* чIужу ◊ **~ серде́ц** *шутл.* чияр ракIазда кверщел гьабулей гIадан; бихьиназул ракIал асир гьарулей гIадан

ПОКОРИ́//ТЬ *сов. кого-что* 1) (*завоевать*) бахъизе; **~ть кре́пость** хъала бахъизе; **челове́к ~л ко́смос** инсанас тIадгьава квегъана 2) *перен. (заставить повиноваться, подчинить своей воле*) мутIигI гьабизе; **~ть приро́ду** тIабигIат квегъизе 3) *перен. (пленить)* асир гьабизе, кверде босизе ◊ **~ть** *чьё-л.* **се́рдце** *лъил букIаниги* ракI асир гьабизе (*кверде восизе*), живго вокьизавизе

ПОКОРИ́ТЬСЯ *сов. кому-чему* 1) (*подчиниться силе*) мутIигIлъизе, кверде ине; **не ~ врагу́** тушманасе мутIигIлъунгутIизе 2) (*примириться*) разилъизе, рекъезе; **~ судьбе́** къисматалъе мутIигIлъизе, къисматалда разилъизе

ПОКОРМИ́ ТЬ *сов. кого* (*дать поесть)* кваназавизе; (*о животных*) кваназе жо базе

ПОКО́РНЕЙШЕ *нареч. уст.:* **~ благодарю́** ракI-ракIалъ баркала кьола; **~ прошу́** адаб-хIурматгун гьарула

ПОКО́РНЕЙШ//ИЙ, -ая, -ее *уст.*: **ваш ~ий слуга́** дур мутIигIав хъулухъчи (*цеветел*); **~ая про́сьба** ракI-ракIалъулаб гьари

ПОКО́РНО *нареч.* 1) (*послушно*) мутIигIго, инкар гьечIого, хIалимго

ПОКО́РНОСТЬ *ж* мутIигIлъи, хIалимлъи, инкар гьечIолъи

ПОКО́РНЫЙ, -ая, -ое 1) (*послушный, уступчивый*) гIенеккулев, мутIигIав, хIалимав; **~ хара́ктер** хIалимаб гIамал-хасият 2) **: ~ взгляд** хIалимаб балагьи 3) (*подвластный чему-л.*) мутIигIаб ◊ **ваш ~ слуга́** дур (нужер) (*адаб-хъатир гьабулев*) мутIигIав хъулухъчи (*цеветел*)

ПОКОРО́БИ//ТЬ *сов.* 1) *что* тIиркъизабизе, гьетIизабизе; **пол ~ло от сы́рости** чIабар рагьлица гьетIизабун буго 2) *кого перен.* рахIат хвезабизе, ракI лъукъизе ◊ **его́ ~ло от э́тих слов** гьел рагIабаз гьесул рахIат хвезабуна, гьесие квешаб асар гьабуна

ПОКОРО́БИ//ТЬСЯ *сов.* тIиркъун ине, гьетIун ине; **до́ски ~лись на со́лнце** бакъалда хъарщал тIиркъун ун руго

ПОКОРЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **покори́ ть(ся)**

ПОКО́С *м* 1) (*косьба*) реци 2) (*время косьбы*) рецарулеб заман 3) (*место косьбы*) раци *(реци гьабулеб бакI)*

ПОКОСИ́ //ТЬСЯ *сов.* 1) (*искривиться*) гьетIизе, хъвалсазе; **печь ~лась** печь гьетIун ун буго 2) *на кого-что (посмотреть искоса*) хъвалсазарун бералгун валагьизе, гIебса-гIебса валагьизе

ПОКРА́СИТЬ *сов. что* белъине, лажбар бахине; **~ фаса́д до́ма** рукъзабазул цебесеб (*гьумераб*) рахъ белъине (цебесеб рахъалда лажбар бахине)

ПОКРА́СКА *ж* (*по гл.* **покра́сить**) белъин, лажбар бахин; **~кры́ши** тIохда лажбар бахин

ПОКРАСНЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **покрасне́ть**) багIарлъи **2.** (*мес-то*) багIарлъи (*рехараб бакI*)

ПОКРИВИ́/ТЬСЯ *сов.* гьетIизе (гьетIун ине), хъвалсазе (хъвалсан ине), тIиркъизе; **дом ~лся** рукъзал (*мина*) гьетIун ана

ПОКРИ́ КИВАТЬ *несов. на кого разг.* мех-мехалдасан ахIолев вукIине; *лъидениги* ахIдезе

ПОКРИТИКОВА́ТЬ *сов. кого-что разг.* дагьа-макъаб критика гьабизе, къватIив чIвазавизе, гьалатIал рихьизаризе

ПОКРАХМА́ЛИТЬ *сов. что* крахмалалда гъорлъ чIвазе (*крахмал гъорлъе гьабураб лъелъ хулизе, чIун бахъизе*)

ПОКРО́В *м* 1) тIасияб гъат, хъал; **сне́жный ~** гIазул хъал; **волосяно́й ~** расул гъат (тIад бижараб рас) 2) *уст. (защита)* пардав ◊ **под ~ом но́чи** къаси бецIлъараб мехалъ (*сардил пардавалда гъоркь*)

ПОКРОВИ́ТЕЛЬ *м лъилниги* рахъ кколев чи, квербакъи гьабулев чи, къайим, тIалаб-агъазчи

ПОКРОВИ́ ТЕЛЬНИЦА *ж лъилниги* рахъ кколей, квербакъи гьабулей гIадан, къайим, тIалаб-агъаз гьабулей гIадан

ПОКРОВИ́ТЕЛЬСТВО *с лъилниги* рахъ кквей; квербакъи гьаби; къайимлъи

ПОКРОВИ́ТЕЛЬСТВОВАТЬ *несов. кому-чему лъилниги-сундулниги* рахъ кквезе (*тIад рекъезе*), квербакъи гьабизе; къа-йимлъи гьабизе

ПОКРО́//Й *м* (*одежды*) форма, букъи, куц, фасон ◊ **они́ все на оди́н ~й (одного́ ~я)** гьел киналго цохIо коцонир чIварал чагIи руго (цоцада релъгьарал руго)

ПОКРОШИ́ТЬ *сов. что, чего* хъуризе, бичIчIизе; **~ хле́ба цыпля́ там** гIанкIудал тIанчIазе чед бичIчIизе (хъуризе)

ПОКРУЖИ́ ТЬ *сов. кого-что* цодагьаб мехалъ сверизабизе

ПОКРУЖИ́ ТЬСЯ *сов.* цодагьаб мехалъ тIад сверизе

ПОКРУТИ́ ТЬ *сов. что, чем* кьуризе *(дагьаб мехалъ)*

ПОКРУТИ́ ТЬСЯ *сов.* тира-сверизе; кьуркьудизе

ПОКРЫВА́ЛО *с* 1) тIад тIамулеб жо, покрывало; **~ для посте́ли** бусада (*тIад*) тIамулеб жо (*тIеренаб одеяло*) 2) (*род женской одежды*) гIаба

ПОКРЫВА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **покры́ ть(ся)**

ПОКРЫ́ТИЕ *с* **1. (***по гл.* **покры́ть**) бахин, тIами, тIад кквей, баци **2**. *(материал)* бацизе тIаде тIолеб, бахунеб, чIвалеб жо; **асфа́льтовое ~ доро́ги** нухде тIураб асфальт ◊ **~ расхо́дов** харжал рецIи

ПОКРЫ́//ТЬ *сов.* 1) *кого-что чем* тIамизе; **~ть стол ска́тертью** столалда скатерть тIамизе 2) *что (обить)* тIад кквезе; **~ть сунду́к желе́зом** гъансида махх кквезе 3) *что (покрасить)* тIаде биччазе, бахине; **~ть позоло́той** тIаде месед биччазе 4) *кого-что (окутать)* бацизабизе; **облака́ ~ли не́бо** накIкIаз зоб бацизабуна 5) *что (заглушить –о звуках*) къинабизе; **оркестр ~л шум толпы́** оркестралъ халкъалъул хъуй къинабуна 6) *что (возместить)* бецIизе; **~ть долги́** налъаби рецIизе 7) *кого-что перен. (скрыть*) бахчизе; **~ть свои́х сообщников** жиндирго цадахъчагIи рахчизе 8) *что (пройти)* ине, нахъа тезе; **~ть расстоя́ -ние в де́сять киломе́тров** анцIго колометралъул манзил нахъа тезе (анцIго километралъ ине) 9) *что чем (в карточной игре*) чIвазе; **~ть вале́та тузо́м** тузалъ валет чIвазе 10) *кого (случить)* данде гьаризе (*хьон биччазе*)

ПОКРЫ́ //ТЬСЯ *сов. чем* 1) жиндаго тIад жо базе; **~ться оде́я́ лом** жиндаго тIад юргъан базе 2) бахчизабизе, бацизе; **не́бо ~лось облака́ми** зоб накIкIаз бахчизабуна (бацана)

ПОКРЫ́ШКА *ж* 1) (*крышка*) тIалъел; **~для каду́шки** къолол (*чирмадул*) тIалъел 2) (*чехол*) покрышка *(велосипедалъул, автомобилалъул ва гь.ц.)*

ПОКУПА́ТЕЛЬ *м* бичун босулев чи

ПОКУПА́ТЕЛЬНИЦА *ж* бичун босулей гIадан

ПОКУПА́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое: **~ые спосо́бности** бичун босизе рес букIин

ПОКУПА́ТЬ[1] *сов. кого (выкупать)* чвердезавизе (*дагьаб мехалъ*)

ПОКУПА́ТЬ[2] *несов. кого-что* вичун восизе, бичун босизе

ПОКУПА́ТЬСЯ *сов. (выкупаться)* чвердезе, чвердолел рукIине (*дагьаб мехалъ*)

ПОКУ́ ПК//А *ж* **1.** (*по гл.* **покупа́ть**[2]) бичун боси; **~а книг** тIахьал ричун роси **2**. (*купленная вещь*) бичун босараб жо; **дешёвая ~а** учузаб бичун босараб жо (*къайи-матахI*)

ПОКУПН//О́Й, -а́я, -о́е бичун босулеб; **~а́я цена́** бичун босулеб багьа; **~о́й това́р** бичун босулеб къайи

ПОКУРИ́ ТЬ *сов.* хъалиян бухIизе (*цIазе*)

ПОКУСА́//ТЬ *сов. кого-что* хIанчI-хIанчIизе; **соба́ка ~ла ко́шку** гьойца кето хIанчI-хIанчIун бана

ПОКУСИ́ ТЬСЯ *сов. см.* **покуша́ться**

ПОКУ́ ШАТЬ *сов. что, чего и без доп.* квине, кваназе

ПОКУШЕ́НИЕ *с(по гл.* **покуша́ться**) къасд гьаби; *~ на чью-л.* **жизнь** *лъил бугониги* гIумруялде квешаб къасд гьаби (чIвазе къасд гьаби)

ПОКУША́ТЬСЯ *несов. на кого-что* къасд гьабизе; **~ на чужо́е добро́** чияр буголъиялде (*боцIуде*) квешаб къасд гьабизе; **~ на уби́йство** чIвазе къасд гьабизе

ПОЛ[1] *м (настил)* рукъалъул чIабар; **парке́тный ~** паркеталъул чIабар; **настила́ть ~** чIабар гьабизе (*хъарщи кьабизе*)

ПОЛ[2] *м биол.* бихьинлъи-цIулъи, жинс; **ли́ца обо́его ~а** кIиябго жинсалъул гIадамал (*бихьиналги руччабиги*); **мужско́й ~** чиясул жинс (*бихьинал*); **же́нский ~** чIужуялъул жинс (*руччаби*)

ПОЛ… и ПОЛ-… бащалъи, бащдаб; **полчаса́** бащдаб сагIат; **полдере́вни** бащдаб росу; **пол-ли́тра** бащдаб литр; **по́лночь** сардил бащалъи (*сордо бащалъи*) (*къаси 12 тIубараб заман*)

ПОЛ/А́ *ж* 1) квенчIел; **~а́ пальто́** пальтояльул квенчIел 2) бигъараб жояльул бащдаб рахъ; **~а́ пала́тки** чадиралъул жанире лъугьунеб бакIалъул цояб рахъ ◊ **из-под ~ы́** балъго; **торгова́ть из-под ~ы́** балъго-гIатIго бичизе, гъоркьан бичизе

ПОЛАГА́//ТЬ *несов. что с союзом* «что» *и с прил. в тв. п. с неопр. (считать, думать)* рикIкIине, пикру гьабизе, ракIалде ккезе; **я ~ю, что он прав** дица гьев витIун вугилан рикIкIуна (*тола*)

ПОЛАГА́//ТЬСЯ[1] *несов.* 1) (*быть установленным*) бегьизе, букIине, ккезе, мугъ чIвазе; **как ~ется** букIине кколеб куцалъ; **так де́лать не ~ется** гьедин гьабизе бегьуларо 2) (*причитаться*): **с вас ~ется пять рубле́й** дуца щуго гъурущ кьезе ккола (*дуде щуго гъурущ ккола*)

ПОЛАГА́ТЬСЯ[2] *несов. см.* **положи́ ться**

ПОЛА́ДИТЬ *сов. с кем разг.* рекъезе, данде ккезе *(гIамал, рагIи)*, рекъо-решон ккезе; **не ~ с сосе́дом** мадугьаласулгун рагIи данде ккунгутIизе

ПОЛГО́ДА *м* бащдаб лъагIел; **че́рез ~** бащдаб лъагIалидасан

ПО́ЛДЕНЬ *м* кьалъулгIуж; **в ~** кьалъутIа; **до полу́дня** кьалъизегIан; **по́сле полу́дня** кьаденахъе (кьалъудаса хадуб)

ПОЛДОРО́Г//И *ж* бащдаб нух; **прое́хать ~и** бащдаб нух тезе; **встре́тились на ~е** бащдаб нух тараб бакIалда данделъана (*данде чIвана*) ◊ **останови́ ться на ~е** иш рагIалде бахъиналдего чIезе (иш рагIалде щвезабичIого тезе)

ПОЛЕВО́Д *м* хурухъан

ПОЛЕВО́ДСТВО *с* хурухъанлъи

ПОЛЕВО́ДЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое хурухъанлъиялъул; **~ая брига́да** хурухъанлъиялъул бригада

ПО́Л//Е *с* 1) авлахъ, гIалах; **е́хать ~ем** авлахъалдасан (*авлахъ чIван*) рекIун ине 2) (*пашня*) мегъ, хур; **пшени́ чное** ~ ролъул хур 3) (*пространство*) майдан; **футбо́льное** ~ футбол хIалеб майдан; **лётное** ~ самолёт боржунеб (*рештIунеб*) майдан 4) *физ.* поле; **магни́тное** ~ макънатIисалъ асар гьабулеб гIатIилъи 5) *перен. (поприще) сундуениги* хIалтIизабулеб, хIалтIи гьабулеб бакI 6) (*фон*) тIом; **жёлтые цветы́ по голубо́му ~ю** хъахIилаб тIомалда тIогьилал тIугьдул 7) *мн.* **~я** рагIалал (*кагътил, тIехьалъул*); **заме́тки на ~я́ х** рагIалабазда гьарурал ишараби 8) *мн.* **~я́** мицIрал; **~я́ шля́пы** шляпаялъул мицIрал (*щомери*) ◊ **~е бра́ни** ра-гъул байдан; **~е зре́ния** бер щолеб, бихьулеб бакI; **оди́н в ~е не во́ин** *погов. (рагъул)* майданалда цо чи рагъухъан гуро (*цо чиясул бо лъугьунаро*)

ПОЛЕВ//О́Й, -а, -ое авлахъалъул; **~ы́е цветы́** авлахъалъул (*авлахъалда рижулел*) тIугьдул; **~ы́е рабо́ты** авлахъалда (гIалахалда) гьарулел хIалтIаби (*къватIир гьарулел хIалтIаби*) ◊ **~ая по́чта** походалъулаб (*аскаралъулаб*) почта

ПОЛЕГА́НИЕ *с с.-х.* беги: **~ хлебо́в** хIалухъаби гIодор реги (гIодор чIвай)

ПОЛЕГЧА́//ТЬ *сов. безл. разг.* мадар (*бигьалъи*) лъугьине; **больно́му ~ло** унтарасул мадар лъугьана

ПОЛЕЖА́ТЬ *сов.* дагъаб мехалъ вегизе; **~ по́сле обе́да** къадеквандаса хадув дагъаб мехалъ вегизе

ПОЛЁЖИВАТЬ *несов. разг.* гIебеде чIвазе

ПОЛЕЗАЩИ́ТН//ЫЙ, -ая, -ое: **~ые лесны́е по́лосы** мегъ цIунизе чIарал гъутIби (*рохьил мухъал*)

ПОЛЕ́ЗНО *нареч. в знач. сказ.* пайда буго; **э́ то тебе́ ~** гьеб дуе пайдаяб буго (*гьелъул дуе пайда буго*)

ПОЛЕ́ЗН//ЫЙ, -ая, -ое 1) пайдаяб; пайда бугеб, мунпагIат бугеб, хайир бугеб; **~ая кни́ га** пайда бугеб тIехь 2) пайда босизе бегьулеб; **~ая жила́я пло́щадь** минаялъул рега-рахъине пайда босизе бегьулеб площадь (*гIатIилъи*) ◊ **чем могу́ быть поле́зен?** дуе щиб пайда (кумек) гьабизе дида кIвелеб?

ПОЛЕ́ЗТЬ *сов.* 1) *на что* харине, вахине; **~ на де́рево** гъотIоде харине 2) *во что* ваккизе; **~ в карма́н** чвантиниве ваккизе (*квер бегьизе*) 3) (*о волосах, шерсти*) хIулизе

ПОЛЕМИЗИ́ РОВАТЬ *несов. с кем-чем* бахIсалде рахъине, цо масъалаялда (*суалалда*) тIасан дагIбадизе

ПОЛЕ́МИКА *ж* бахIс, дагIба, къец (*жамгIияб, гIелмияб, литературияб...)*

ПОЛЕМИ́ ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое бахIсалъулаб

ПОЛЕНИ́ ТЬСЯ *сов.* кIвахIаллъизе

ПОЛЕ́ННИЦА *ж* цIулал мачIу (сокIкIараб цIул)

ПОЛЕ́НО *с* (*цIулал*) хъвалхьен

ПОЛЕ́СЬЕ *с* хьуцIахараб гIисинал гъутIби ругеб бакI

ПОЛЁТ *м* бо́ржин, роржен; **~в ко́смос** космосалде (*тIадгьаваялде*) роржин ◊ **пти́ ца высо́кого ~а** кIудияб хъулухъалъул чи; **с ~ высоты́ пти́ чьего ~а** кIудияб борхалъудасан, кинабго бихьулеб бакIалдасан; *перен.* шавкъ, хIасрат

ПОЛЕТА́ТЬ *сов.* боржине (*цо чIараб заманалъ)*

ПОЛЕТЕ́//ТЬ *сов.* 1) боржине, боржун ине; **самолёт ~л** самолёт боржана (*боржун ана*) 2) *перен. разг. (побежать)* хехго векеризе (*воржун ине*) 3) *перен. (упасть)* гIодов ккезе, вортизе; **~ть с ле́стницы** болъодухъа гьоркье вортизе; 4) (*о времени*) хехго ине; **дни ~ли** къоял хехго ана (*роржарал гIадин ана*) 5) (*быстро распространиться*) хехго тIибитIизе; **молва́ ~а** хабар хехго тIибитIана

ПО-ЛЕ́ТНЕМУ *нареч.* риидал гIадин, роол къагIидаялъ

ПОЛЕЧИ́ТЬ *сов. кого-что лъиениги* дару гьабизе (*кигIаналиго мехалъ*)

ПОЛЕЧИ́ТЬСЯ *сов. жиндиего* дару гьабизе (*кигIаналиго мехалъ)*

ПОЛЕ́//ЧЬ *сов.* 1) *разг.* (*лечь*) вегизе 2) (*о злаках*) регизе, гIодор чIвазе; **пшени́ца ~гла́** ролъ гIодоб чIвана (*чIван буго*) 3) (*быть убитым*): **в бою́ ~гло́ мно́го солда́т** рагъда гIемерал солдатал чIвана

ПО́ЛЗАТЬ *несов.* 1) *см.* **ползти́** 2) *разг. (унижаться)* къимат хвезабизе; **~ пе́ред** *кем-л. лъиданиги* цебе жиндирго къимат хвезабизе ◊ **~ в нога́х** *у кого́-л. лъиданиги* цеве накалда чIезе; жиндирго къимат хвезабун, хIелхIедизе

ПОЛЗКО́М *нареч.* хъурщулаго, хъурщун

ПОЛЗ//ТИ́ *несов.* 1) хъурщизе, шуризе; **ребёнок ~ёт по по́лу** лъимер чIарбидасан (чIарбида) хъурщулеб буго; **червя́ к ~ёт** хIапаро шурулеб буго; **по́езд е́ле ~ет** поезд шурун (*хIалищаго*) унеб буго 2) (*распространяться*) тIибитIизе; **слу́хи ~у́т** харбал тIиритIулел руго 3) (*ползать*) ччукIизе; **бе́рег реки́ ~ёт** гIурул рагIал ччукIулеб (*гьунун унеб*) буго 4) (*располагаться – о ткани*) билъизе, билъун ине 5) (*обвиваться*) харизе; тIад жемун эхеде ине; **виногра́дная лоза́ ~ёт по де́реву** цIолбол гъабу гъотIодаса эхеде харулеб буго

ПОЛЗУН//О́К *м* 1) (*о детях*) хъерщеро, хъурщулев жо 2) **~ки́** *мн. (одежда для детей)* ползунокал (*хъурщулеб гIужалда лъималазда ретIунеб ретIел)*

ПОЛЗУ́Ч//ИЙ, -ая, -ее хъурщулеб; гIодосан бегун бижулеб; цадахъ ччукIун (*гьунун*) бачIунеб

ПОЛИВА́ТЬ *несов. см.* **поли́ ть**

ПОЛИ́ ВКА *ж* (*по гл.* **поли́ть**) лъалъай, лъим тIей; **~ гряд** кьурдул лъалъай; **~ у́лиц** къватIазде лъим щвай (тIей), лъалъай

ПОЛИВН//О́Й, -ая, -ое лъалъалеб; лъим щвалеб; **~ поля́** лъалъалел хурзал (*авлахъал, мегъал*); лъалъ хIажатаб

ПОЛИ́ ВОЧН//ЫЙ, -ая, -ое лъим тIолеб, щвалеб; **~ые маши́ -ны** лъим щвалел машинаби

ПОЛИГА́МИЯ *ж* полигамия (*цо чиясул чанго чIужу (лъади) ялъуни чIужуялъул чанго рос вукIин*)

ПОЛИГО́Н *м воен.* полигон (*рагъухъаби квагьдезе ругьун гьарулеб бакI; яргъил хIал бихьулеб бакI*)

ПОЛИГРАФИ́ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое полиграфиялъул(-аб); **~ая промы́шленность** полиграфиялъулаб промышленность

ПОЛИГРА́ФИЯ *ж* полиграфия (*тIахьал, журналал, газетал басмаялде рахъулеб техника)*

ПОЛИКЛИ́НИКА *ж* поликлиника

ПОЛИМЕ́РН//ЫЙ, -ая, -ое полимеразул гьабураб

ПОЛИМЕ́РЫ *мн.* (*ед.* **полиме́р** *м*) полимерал (*каучук, целлюлоза ва гь. ц.)*

ПОЛИНЯ́//ТЬ *сов.* кьер ине, кьер хвезе; **костю́м ~л** костюмалъул кьер ун буго

ПОЛИ́ П *м* 1) *зоол.* полип (*цо бакIалда рекIун бетIербахъи гьабулеб рухIчIаголъиялда цIар*) 2) *мед.* полип (*кванирукъалда яги цоги бакIалда гьорон бижулеб багIаро)*

ПОЛИРО́ВАННЫЙ, -ая, -ое лъулъан цIвакизабураб; цIвакизабун гвангъизабураб; **~ый стол** цIвакизабураб стол, цIвакараб стол

ПОЛИРОВА́ТЬ *несов.* что цIвакизабизе; **~ме́бель** мебель цIвакизабизе

ПОЛИРО́ВКА *ж* **1.** (*по гл.* **полирова́ть**) цIвакизаби **2.** (*гляне́ц*) цIваки́; цIвакизабураб бакI (рахъ)

ПО́ЛИС *м* полис (*гIумруялъул, буголъиялъул страхование гьабураб документ*)

ПОЛИСЕМИ́ Я *ж лингв.* цо рагIул гIемерал магIнаби рукIин

ПОЛИТЕХНИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое политехникияб, техникаялъул батIи-батIиял бутIаби лъазариялда хурхараб; ~ **институ́т** политехникияб институт

ПОЛИ́ТИК *м* политик (*политикаялъул ишазда хIалтIулев чи*), сиясатчи

ПОЛИ́ТИКА *ж* политика, сиясат; **~ми́ ра** ракълил политика; **вне́шняя** ~ къватIисеб политика; **вну́тренняя** ~ жанисеб политика; **~ невмеша́тельства** гьоркьоре лъугьунгутIиялъулаб политика

ПОЛИТИКА́Н *м неодобр.* политикан (*жиндир мурадалъе гIоло гьабулеб жоялде вачIунарев политик; жиндирго напсиял мурадазде цIвезелъун кIудияб лебаллъиялда хIалтIулев чи*)

ПОЛИТИКА́НСТВО *с неодобр.* политиканасул хьвадачIвади, гьес иш гьабулеб куц

ПОЛИ́ТИКО-ВОСПИТА́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое политикиябгун тарбия кьеялъул; **~ая рабо́та** политикиябгун тарбия кьеялъул хIалтIи

ПОЛИТИ́ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое политикияб, сиясияб; **~ий де́ятель** политикияв хIаракатчи; **~ие права́** политикиял ихтиярал; **~ая борьба́** политикияб къеркьей; **~ое устро́йство** политикияб гIуцIи

ПОЛИТКРУЖО́К *м* политкружок

ПОЛИТОТДЕ́Л *м* политотдел

ПОЛИТОЛОГ *м* политолог

ПОЛИТОЛОГИЯ *ж* политология

ПОЛИТРАБО́ТА *ж* политикияб хIалтIи, политхIалтIи

ПОЛИТРАБО́ТНИК *м* политхIалтIухъан

ПОЛИТРУ́ К *м воен., ист.* политрук (*политикияб нухмалъи гьабулев чи*)

ПОЛИТУПРАВЛЕ́НИЕ *с* политуправление

ПОЛИТУ́ РА *ж* политура (*цIул цIвакизабизе хIалтIизабулеб спирталъул лак)*

ПОЛИТУЧЁБА *ж* политикияб цIали

ПОЛИ́//ТЬ *сов.* 1) (*начать лить*) базе (тIезе) лъугьине; **дождь** ~**л** цIад базе лъугьана 2) *кого-что (смочить, оросить)* биччизабизе, лъалъазе; **~ть цветы́** тIугьдузде лъим тIезе, тIугьдул лъалъазе

ПОЛИТЭКОНО́МИЯ *ж* политэкономия

ПОЛИЦЕ́ЙСКИЙ, -ая, -ое **1.** полициялъулаб, полициялъул; **~ аге́нт** полициялъул агент (*жасус*) **2**. *в знач. сущ. ~ м* полициялъулав

ПОЛИ́ ЧН//ОЕ *с:* **поймáть с ~ым** тIадго кквезе (*такъсирияб иш гьабулаго кквезе*)

ПОЛК *м* полк; **командúр ~а** полкалъул командир; **пехо́тный** ~ лъелал аскариязул полк (пехотаялъул полк) ◊ **в на́шем (на́шего) ~у при́ было** нилъ тIаде цIикIкIана (гIемерлъана); нилъго гIадал тIаде рачIана

ПО́ЛКА[1] *ж* буцрал хъарщи, тахча, кьогъен, къотIел; ~ **в шкафу́** шкафалъул къотIел*; вагоналъуб* регулеб яги къайи тIад лъолеб бакI

ПО́ЛКА[2] *ж с.-х.* чIарай, чIаралдаса бацIцIад гьаби

ПОЛКО́ВНИК *м воен.* полковник

ПОЛКОВО́ДЕЦ *м* полководец, бодул бетIер

ПОЛКОВ//О́Й, -ая, -ое полкалъул; **~о́е зна́мя** полкалъул байрахъ

ПОЛ-ЛИ́ТРА *м* бащдаб литр; ~ **молока́** рахъдал бащдаб литр

ПОЛНЕ́ТЬ *несов.* вицалъизе, жанив цIезе, кьаралъизе; ~ **к ста́рости** херлъидал жанив цIезе, вицалъизе

ПО́ЛНО *в знач. сказ. с неопр. разг. (хватит)* гIела; ~ **пла́кать** гIела гIодарав; *в знач. нареч.* цIун, тIубан цIун, тIубанго, тIолабго

ПОЛНОВЕ́СН//ЫЙ, -ая, -ое 1) цIавулъ щвараб, гIураб, цIубараб; **~ые зёрна** цIубарал мугьал 2) (*сильный, тяжёлый*) кутакаб, къуватаб, бакIаб; **~ый уда́р** къуватаб (кутакаб) кьаби 3) *перен.* кьучIаб; **~ый до́вод** кьучIаб хIужжа (*далил*)

ПОЛНОВЛА́СТИЕ *с* тIубараб, гIурхъи чIвачIеб хIукумат, хIакимлъи

ПОЛНОВЛА́СТНЫЙ, -ая, -ое тIубараб кверщел кодосев, тIубараб ихтияр кодоб бугев, киналго ихтиярал кодосев

ПОЛНОВО́ДН//ЫЙ, -ая, -ое лъим гIемераб, лъим гьарзаяб; **~ая река́** лъим гьарзаяб гIор

ПОЛНОКРО́ВН//ЫЙ, -ая, -ое 1) би гIемераб, би гьарзаяб; **~ый челове́к** би гIемерав чи 2) (*здоровый, цветущий*) чорхолъ витIарав; **~ый молодо́й челове́к** чорхолъ витIарав, кьуватав гIолохъанчи 3) (*насыщенный)* бечедаб; гъорлъ бессараб; хьезабураб; **~ая жи́ знь** лъугьа-бахъиназ бечедаб гIумру

ПОЛНОЛУ́ НИЕ *с* моцI рещалъи, моцI рещалъараб заман

ПОЛНОМЕТРА́ЖНЫЙ, -ая, -ое тIубараб халалъиялъул; ~ **фильм** тIубараб халалъиялъул (*цо сеансалъул заманалда бихьизабизе гIолеб халалъиялъул)* фильм

ПОЛНОМО́ЧИ//Е *с лъица бугониги, лъие бугониги* къураб ихтияр; **предоста́вить** *кому-л.* **~я** *лъие ругониги* ихтиярал кьезе; **превы́ сить свои́ ~я** кьурал ихтияраздаса къватIиве ине (цIикIкIине)

ПОЛНОМО́ЧНЫЙ, -ая, -ое ихтияр бугев, ихтияр кьурав; ~ **представи́ тель** ихтияр бугев (*кодосев*) вакил

ПОЛНОПРА́ВИЕ *с* законалъулал киналго ихтиярал (кодор) рукIин

ПОЛНОПРАВНЫЙ, -ая, -ое законалъул киналго ихтиярал ругев; ~ **граждани́ н** киналго ихтиярал ругев гражданин

ПО́ЛНОСТЬЮ *нареч.* тIубанго, тIаса камичIого; ~ **вы́полнить програ́мму** программа тIубанго тIубазабизе ◊ **целико́м и** ~ тIубан ва кинабго (*мицIир камичIого*)

ПОЛНОТ//А́ *ж* 1) (*полная мера*) тIубараб букIин, цIубараб букIин (*цIубай*); **~а́ вла́сти** тIубараб кверщел, ихтияр кодоб букIин 2) (*тучность*) вицалъи; ччоборлъи; жанив цIей; **нездоро́вая ~а́** сахлъи гьечIеб жанив цIей,вицалъи ◊ **от ~ы́ чувств** рекIел асарал гIемерлъиялъ

ПОЛНОЦЕ́ННОСТЬ *ж* тIубараб къимат букIин (*багьа букIин*)

ПОЛНОЦЕ́НН//ЫЙ, -ая, -ое 1) тIубараб къимат (*багьа)* бугеб; чIезабураб, букIине кколеб къимат (*багьа*) бугеб 2) (*обладающий необходимыми качествами*) киналго кьваригIунел хасиятал (*рахъал*) ругеб; лъикIаб; **~ая рабо́та** ргIа-ракьанде щвараб, лъикIаб хIалтIи; **~ый проду́кт** лъикIаб, качество бугеб продукт (*квана-гьекъолеб нигIмат*)

ПОЛНО́ЧНЫЙ, -ая, -ое сордо бащалъараб заманалъул; ~ **час** сордо бащалъараб сагIат (*заман*)

ПО́ЛНОЧЬ *ж* сордо бащалъараб заман; **глуха́я** ~ сасараб, гIодобе биччараб сордо

ПО́ЛН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*наполненный*) цIураб, цIезабураб; **~ый стака́н** цIураб стакан 2) (*о человеке)* жанив цIурав, вицатав 3) (*абсолютный*) тIубараб; **~ый поко́й** тIубараб хIалхьи; **~ая побе́да** тIубараб (*ргIа-ракьанде щвараб*) бергьенлъи ◊ **~ая луна́** цIубараб (рещалъараб) моцI; **в ~ой ме́ре** тIубараб къадаралда

ПОЛНЫ́М-ПОЛНО́ *нареч.* цIакъго цIун; гIорхъолъа ун, цIун; тIасанккун цIун; цIакъ гIемер; **в теа́тре бы́ло ~ наро́ду** театралда цIакъго гIемераб халкъ букIана (*театр гIадамаз занкIун цIун букIана*)

ПО́ЛО *с нескл. спорт.* поло (*лъелъ торгIогун гьабулеб хIай*)

ПОЛ-ОБОРО́ТА *м нескл.* бащдаб свери

ПОЛОВИ́ К *м* чIедераб турут; хIатIал рацIцIунеб жо

ПОЛОВИ́НА *ж* бащалъи, бащдаб, кIийил бутIа; ~ **доро́ги** нухлул бащалъи; ~ **до́ма** ригьил бащалъи

ПОЛОВИ́ НН//ЫЙ, -ая, -ое бащдаб; **в ~ом разме́ре** бащдаб къадаралда (*роценалда*)

ПОЛОВИ́НЧАТОСТЬ *ж* тIаса-масаго гьаби; ргIалде бахъинабичIого тей; ~ **рефо́рмы** реформа ргIалде бахъинаби-чIого тей

ПОЛОВИ́НЧАТ//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*состоящий из двух разных частей, половин)* кIиго батIияб жоялдасан гIуцIараб, данде гьабураб 2) тIаса-масаго гьабураб; **~ое реше́ние** тIаса-масаго гьабураб хIукму

ПОЛОВИ́ ЦА *ж* чIабаралъул цо хъарщи

ПОЛО́ВНИК *м разг.* гел

ПОЛОВО́ДЬЕ *с* лъар щвей, гIор щвей

ПОЛОВ//О́Й[1], -а́я, -о́е чIабаралъул(-аб); **~а́я тря́пка** чIабар бацIцIунеб (*чурулеб*) тряпка (*чIорто*), рукъ бацIцIунеб жо

ПОЛОВ//О́Й[2]**,** -а́я, -о́е *биол.* жинсияб, бихьинлъи-цIолъиялъулаб, **~ы́ е при́ знаки** бихьинлъи-цIолъиялъул гIаламатал (лугбал), гIавратал; **~а́я зре́лость** гIовул гIужде вахараб заман (*наслу гIезабизе кIолеб даражаялде гIавратал щвей*)

ПО́ЛОГ *м* кроваталда цебе бигъулеб жо; **си́тцевый** ~ кIаланчIадил гьабураб кроваталда цебе бигъулеб жо; *сунданиги* цебе, тIад бигъараб жо

ПОЛО́ГИЙ, -ая, -ое дагьаб гIодорай (гIодобе регIел) бугеб, бегараб, лабалаб; **~ бе́рег** гIодорай бугеб (*лабалаб*) регIал

ПОЛОЖЕ́НИ//Е *с* 1) (*местонахождение*) бакI (*чIараб бакI, бугеб бакI*); **определи́ть ~е су́дна** гама бугеб бакI лъазабизе 2) (*поза*) къагIида, чIараб куц; **заснýть в сидя́чем ~и** гIодоб чIовухъе кьижизе 3) (*ситуация, состояние*) хIал; **находи́ться в затрудни́тельном ~и** захIматаб хIалалда вукIине (ккезе) 4) (*обстановка общественной жизни*) хIал, ахIвал-хIал; **междунаро́дное ~е** халкъазда гьоркьосеб хIал 5) (*свод правил*) положение, закон; **~е о вы́бора́х** рищиязул хIакъалъулъ положение ◊ **она́ в ~и** гьей лъимер гьабизе йиго

ПОЛО́ЖЕННЫЙ, -ая, -ое чIезабураб, бихьизабураб; **в ~ час** бихьизабураб сагIаталда

ПОЛО́ЖИМ *вводн. сл. (предположим)* абизин, гьедин букIа абеха, гьедин тезин; **~, вы правы́** гьедин тезин, мун витIарав вуго

ПОЛОЖИ́ТЕЛЬНО *нареч.* 1) (*утвердительно*) тIубан, битIун, данде кколеб куцалъ, рекъон, дурусго; **отве́тить ~** битIун (*кколеб куцалъ*) жаваб кьезе 2) *разг. (совершенно)* миркалъго, тIубанго; **~ ничего́ нельзя́ поня́ть** тIубанго щибниги жо бичIчIун бажаруларо (бичIчIуларо)

ПОЛОЖИ́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое (*утвердительный*) дурусаб, уяб, рекъараб, битIараб; **~ый отве́т** уяб (*битIараб*) жаваб 2) (*деловой, практический*) ишалъулаб; **~ый челове́к** ишалъулав (*хIалтIи гьабизе лъалев*) чи 3) *мат., физ.* положительнияб; **~ое число́** положительнияб рикIкIен; **~ый электри́ческий заря́д** электрикалъул положительнияб заряд

ПОЛОЖИ́ ТЬ *сов.* 1) *кого-что* лъезе; **~ де́ньги в карма́н** гIарац чвантиниб (кисиниб) лъезе 2) *кого-что (уложить)* бегизабизе (вегизавизе); **~ ребёнка в посте́ль** лъимер бусада бегизабизе 3) *что, чего* гьорлъе рехизе; **~ са́хар в чай** чайдулъе чакар рехизе ◊ **~ жизнь** *за кого́-что-л. лъиениги гIоло* гIумру кьезе; **~ коне́ц** ахир лъезе; **~ на (обе) лопа́тки** мугъ гIодоб цузабизе; **положа́ ру́ку на се́рдце** ракI бацIцIадго, ракI-ракIалъ, рекIеда квер лъун

ПОЛОЖИ́ ТЬСЯ *сов. на кого-что* божизе, мугIчIвай гьабизе; **на него́ мо́жно ~** гьесде мугъчIвай гьабизе (*божизе*) бегьула

ПО́ЛОЗ *м* чанагъ (*чанагъазул хIама*)

ПОЛО́ЛЬЩИК *м* чIарадухъан

ПОЛО́ЛЬЩИЦА *ж* чIарадухъан (*чIужугIадан*)

ПОЛОМА́ТЬ *сов.* 1) *что (изломать)* бекизе, бек-бекун базе; **~ стул** бакI бекизе 2) *кого-что перен.* къуркьизавизе, векизавизе

ПОЛОМА́//ТЬСЯ *совю.* бекун ине; **игру́шки ~лись** расанкIаби рекун (рек-рекун) ана

ПОЛО́МК//А *ж* **1.** (*по гл.* **поломáть**) бéки **2**. (*повреждённое место*) беки́, бекараб бакI; **устрани́ ть ~у** бекараб бакI къачIазе

ПОЛОСА́ *ж* 1) чIоло; **~ матéрии** ххамил чIоло 2) чIва, мухъ; **~ свéта** канлъул чIва (мухъ) 3) (*участок, зона*) ракьул чIоло; **лесна́я ~** рохьил чIоло (мухъ) 4) *(период)* заман; **счастли́ -вая ~ его жи́ зни** гьесул гIумруялъул талихIаб заман 5) *полигр.* полоса, гьумер; **пéрвая ~ газéты** газеталъул тIоцебесеб гьумер

ПОЛОСА́Т//ЫЙ, -ая, -ое мухъахараб, мухъал ругеб, чIваби ругеб; **~ая ткань** мухъал ругеб ххам

ПОЛО́СК//А *ж* мухъ, чIоло; гьитIинаб, чIедераб мухъ; **ткань в ~у** гIисинал мухъал ругеб ххам

ПОЛОСКА́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **полоскáть**) ху́ли; **~ рта** кIал хули **2**. (*жидкость*) кIал, щекъер хулулеб дару

ПОЛОСКА́ТЕЛЬНИЦА *ж* чайдул цIарагI (жаниб) хулулеб гъадаро

ПОЛОСКА́ТЬ *несов. что* хулизе; **~ бельё** бусадул къайи-къоно хулизе; **~ го́рло** щекъер хулизе

ПОЛОСКА́ТЬСЯ *несов.* 1) (*плескаться*) чвалхи бахъинабизе, тIираби рахъинаризе; **де́ти поло́щутся в реке́** лъималаз чвердолаго чвалхи бахъинабулеб буго (*лъимал, чвалхи бахъинабулаго, чвердолел руго*) 2) *перен. (трепетать на ветру*) парпадизе (*байрахъ*)

ПОЛОСОВА́ТЬ *несов.* 1) *что* чIалал гьарун (*рахъун*) къотIизе; **~ желе́зо** махх чIалал гьарун къотIизе 2) *кого-что разг. (бить)* (вацIун) хIуччал рахъинаризе (*цIалаца*)

ПОЛОСОВ//О́Й, -а́я, -о́е: **~о́е желе́зо** чIолоккараб махх; чIоло гIадин гьабураб махх

ПО́ЛОСТЬ[1] *ж анат.* гьодорлъи; **~ рта** кIалзул гьодорлъи

ПО́ЛОСТЬ[2] *ж* (*покрывало для ног*) хIатIазда тIамулеб жо (*файтоналда унаго*)

ПОЛОТЕ́НЦЕ *с* полотенце, гьумербацIцI; **ку́хонное ~** кухниялъул полотенце; **ручно́е ~** кверал рацIцIунеб полотенце

ПОЛОТЁР *м* **1.** чIабар лъулъалев, бацIцIунев чи (*машинаялъ*) **2. электри́ ческий ~** электрикалъул (*токалъ хIалтIизабулеб*) чIабар лъулъалеб, бацIцIунеб машина

ПОЛОТНО́ *с* 1) (*ткань*) цIвакараб ххам, хIебет; **шёлковое ~** чиллаййдул ххам 2) (*карти́на*) *художникас* хIебтида бахъараб сурат 3) *тех.* гIарщ; **~ пилы́** хъухъадирояльул гIарщ; **~ конве́йера** конвейераль гIарщ 4) *ж.-д.* **полотно́** маххул нухлул тIасияб рахъ ◊ **бле́дный как ~** цIакъ хъахIаб, цIакъ кьер тIураб, ххам гIадаб хъахIаб

ПОЛОТНЯ́Н//ЫЙ, -ая, -ое хIебтил, хIебтил гьабураб; **~ая руба́шка** хIебтигурде

ПОЛО́ТЬ *несов. что* чIаразе; **~гря́дки** (*пастIаналъул*) кьурдул (рахъал) чIаразе

ПОЛОУ́ МНЫЙ, -ая, -ое *разг.* гIантав, гIакълуялъулъ мукъсанав, камурав

ПОЛПРЕ́Д *м* (*полномочный представитель*) полпред (*киналго ихтярал кодосев вакил*)

ПОЛПРЕ́ДСТВО *с* (*полномочное представительство*) полпредство (*киналго ихтиярал кодосеб вакиллъи*)

ПОЛПУТИ[1] *м нескл.* бащданух; **на ~** бащданухде; **верну́ться с ~** бащданух тейгун нахъ вуссине

ПОЛСЛО́В//А *с* бащдаб рагIи; **он не сказа́л ни ~а** гьес бащдаб рагIицин абичIо; **останови́ться на ~е** цо рагIи абилалдего чIун хутIизе ◊ **понима́ть с ~а** рагIи абулаго (баккулаго) бичIчIизе; **на ~** цо-кIиго рагIи абизе**,** къокъаб каламалъе

ПОЛСТА́ВКИ бащдаб ставка

ПОЛТИ́ ННИК *м разг.* анцIго шагьи

ПОЛТОРА́ *м с числ.* цогун бащдаб; **~ часа́** сагIатгун бащдаб; **~ го́да** лъагIелгун бащдаб

ПОЛТОРА́СТА *числ.* нусиялда кIикъоялда анцIго

ПОЛУБОТИ́ НКИ *мн.* (*ед.* **полуботи́ нок** *м*) туфлаби

ПОЛУВЕКОВО́Й, -ая, -ое кIикъоялда анцIго соналъул(аб), бащдаб кърнуялъул(аб)

ПОЛУГО́ДИЕ *с* бащдаб лъагIел; **учéбное ~** цIалул бащдаб лъагIел (*цIалул соналъул бащалъи*)

ПОЛУГОДИ́ ЧН//ЫЙ, -ая, -ое бащдаб лъагIалил; **~ые ку́рсы** бащдаб лъагIалил курсал

ПОЛУГОДОВА́ЛЫЙ, -ая, -ое бащдаб лъагIел бараб; **~ ребёнок** бащдаб лъагIел бараб лъимер

ПОЛУГОДОВО́Й, -ая, -ое бащдаб лъагIалил; **~ отчёт** бащдаб лъагIалил отчёт

ПОЛУГОЛО́ДН//ЫЙ, -ая, -ое бакъараб, гIорцIичIеб; **~ое существова́ние** чехь бакъараб, гIорцIичIеб гIумру

ПОЛУГРА́МОТНЫЙ, -ая, -ое дагьаб гурони лъай гьечIев, дагьаб хъвай-цIалиялъул

ПОЛУ́ ДА *ж* (*слой олова, лужение*) гъалай, *сунденигu биччараб* гъалайдул гъат (*хъал*)

ПОЛУ́ ДЕННЫЙ, -ая, -ое къалъул гIужалъул(аб); **~ час** къалъараб сагIат (заман)

ПОЛУДИ́К//ИЙ, -ая, -ое бащдав вахIшияв, бащдав гIалхулав; **~ие племена́** бащдал гIалхулал къавмал

ПОЛУЖИВО́Й, -ая, -ое рухI бахъарав, рухI щокъробе щварав, хIалица чIаго хутIарав; **~ от стра́ха** хIинкъиялъ рухI бахъарав, хвезе дагьав хутIарав

ПОЛУЗАБЫТЬ//Ё *с* агълъи, лъавудаса ун-инчIого букIунеб хIал; **он лежа́л в ~и** гьев ангълъун вегун вугоан

ПОЛУЗАЩИ́ТНИК *м спорт.* полузащитник; **ле́вый ~** квегIаб рахъалда хIалев полузащитник; **пра́вый ~** кваранаб рахъалда хIалев полузащитник

ПОЛУКОЛОНИА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое бащдаб колониалияб (*...жеги экономикияб ва политикияб рахъалъ чияда бараб*)

ПОЛУКОЛО́НИЯ *ж* бащдаб колония (*политикияб ва экономикияб рахъалъ цогидалда бараб пачалихъ*)

ПОЛУКРО́ВКА *ж* тIубан бацIцIадаб гуреб тайпаялъул хIайван (*бащдаб бацIцIадаб тайпаялъул хIайван*)

ПОЛУКРО́ВНЫЙ, -ая, -ое тIубан бацIцIадаб гуреб тайпаялъул

ПОЛУКРУ́Г *м* бащдаб гор (*горалъул бащалъи*); **расположи́ться ~ом** бащдаб гор гьабун чIезе

ПОЛУКРУ́ГЛ//ЫЙ, -ая, -ое бащдаб рахъ гургинаб; **~ое окно́** бащдаб гургинаб горду

ПОЛУЛЁЖА *нареч.* хьибил бан (*чIван*) (*вегун-вегичIого*)

ПОЛУЛЕЖА́ТЬ *несов.* хьибил базе, гIебеде чIвазе

ПОЛУЛИТРО́В//ЫЙ, -ая, -ое бащдаб литралъул; **~ая бутыл́ка** бащдаб литр тIолеб шиша

ПОЛУМЕ́РА *ж* бащдаб тадбир, рагIа-ракьанде щвечIеб тадбир, хIалтIи

ПОЛУМЁРТВЫЙ, -ая, -ое бащдав хварав, хвалде ккарав, хваралъуса вахъарав гIадав; **~от уста́лости** свакалъ рухI бахъарав (*хвалде ккезавурав гIадав*)

ПОЛУМЕ́СЯЦ *м* бащдаб моцI ◊ **О́бщество Кра́сного Креста́ и Кра́сного Полуме́сяца** БагIараб Хъанчалъул ва БагIараб Бащдаб МоцIалъул Общество

ПОЛУМЕ́СЯЧНЫЙ, -ая, -ое бащдаб моцIрол; **~ окла́д** бащдаб моцIрол харж

ПОЛУМРА́К *м* тIубачIеб бецIлъи; гIураб канлъи гьечIеб бакI; **сиде́ть в ~е** гIураб канлъи гьечIеб бакIалда гIодов чIезе

ПОЛУНО́ЧНИК *м разг.* сордо бащалъизегIан *цо кинаб букIаниги* ишалде вуссун вукIунев чи; сордо бащалъизегIан кьижуларев чи (рузил гIамалалъул чи)

ПОЛУНО́ЧНИЦА *м разг.* сордо бащалъизегIан *цо кинаб букIаниги* ишалде юссун йикIуней гIадан; сордо бащалъизегIан кьижуларей гIадан

ПОЛУНО́ЧНЫЙ, -ая, -ое: **в ~ час** сордо бащалъараб (нахълъараб) заманалда

ПОЛУОБОРО́Т *м* бащдаб тIадтири; чиясул къаркъала горалъул ункъил бутIаялъ тIад тири, сверизаби; **~ напра́во** къаркъала горил ункъил бутIаялъ кваранидехун сверизаби

ПОЛУО́СТРОВ *м* бащдаб чIинкIиллъи

ПОЛУОТКРЫ́ТЫЙ, -ая, -ое бащдаб рагьараб, цодагьаб рагьараб, дагьаб къирараб, тIубан рагьичIеб

ПОЛУПАЛЬТО́ *с нескл.* къокъаб пальто

ПОЛУПОДВА́Л *м* (*тIоцебесеб тIалаялда гьоркь*) бащдаб ракьулъ бугеб рукъ (подвал)

ПОЛУПРОВОДНИ́К *м физ.* полупроводник (*жинда жанисан электрикалъул ток хашго хьвадулеб материал*)

ПОЛУПРОВОДНИКО́ВЫЙ, -ая, -ое полупроводникалъул

ПОЛУПУСТЫ́НЯ *ж* дагьаб хер бижулеб авлахъ

ПОЛУРАЗДЕ́ТЫЙ, -ая, -ое тIубанго ретIел тIаса бахъичIев

ПОЛУСАПО́ЖКИ *мн.* (*ед.* **полусапо́жек** *м*) кIалал къокъал чакмаби

ПОЛУСИДЕ́ТЬ *несов.* кIусизе, кIусун чIезе

ПОЛУСЛО́В//О *с*: **поня́ть с ~а** рагIи баккулаго бичIчIизе; **прерва́ть** *кого-л.* **на ~е** кIалъалаго (рагIи абулаго) *щивниги* гьоркьов къотIизавизе

ПОЛУСМЕ́РТ//Ь *ж*: **испуга́ть до ~и** кутакалда хIинкъизавизе; **уста́л до ~и** кутакалда свакана (рухI бахъилеб хIалалъ свакана)

ПОЛУС//О́Н *м* макьилъ гIадаб хIал; **в ~не́** макьилъ гIадаб хIалалда (кьижун-кьижичIого)

ПОЛУСО́ННЫЙ, ая, -ое макьидаса тIубан вигьинчIев

ПОЛУСТА́НОК *м ж.-д.* кIудияб гьечIеб маххул нухлул станция (гьитIинаб станция)

ПОЛУСТИ́ШИЕ *с лит.* кочIол бащдаб мухъ (жугьадул бащдаб)

ПОЛУТЁМНЫЙ, -ая, -ое канлъукъаб; канлъи гIечIеб (дагьаб)

ПОЛУТЕ́НЬ *ж* загIинаб рагIад

ПОЛУТО́Н *м муз.* кIиго гIагараб гьаракьалда гьоркьоб бугеб бищунго гьитIинаб интервал (лъалхъи)

ПОЛУ́ТОРКА *ж разг.* полуторка (*1,5 тонна баччулеб машина*)

ПОЛУ́ТОРН//ЫЙ, -ая, -ое жинда жаниб 1,5 единица бугеб роцен

ПОЛУТЬМ//А́ *ж* гIечIеб бецIлъи, бащдаб бецIлъи, бецIлъиялде гIагараб хIал

ПОЛУФАБРИКА́Т *м* бащдаб фабрикат (квание хIадур гьабураб, къачIараб нигIмат); **мясны́е ~ы** гьанал бащдал фабрикатал, квание хIадур гьабураб гьан

ПОЛУФИНА́Л *м спорт.* полуфинал (*финалалда цебесеб хIай, дандчIвай*)

ПОЛУЧА́С *м разг.:* **в тече́ние ~а** бащдаб сагIаталъ (*бащдаб сагIаталде*)

ПОЛУЧА́ТЕЛЬ *м* жиндихъе битIараб *щибниги жо* босулев чи яги учреждение; **~ гру́зов** къайи босарав (босулев) чи

ПОЛУЧА́ТЕЛЬНИЦА *ж* жиндихъе битIараб *щибниги жо* босулей гIадан

ПОЛУЧА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **получи́ть(ся)**

ПОЛУЧЕ́НИ//Е *с* (*по гл.* **получи́ть**) боси, щвей; **~е прика́за** приказ (буюрухъ) щвей; **распи́ска в ~и** щвеялъе (щвей тасдикъ гьабураб) расписка

ПОЛУЧИ́ТЬ *сов. что* 1) босизе, щвезе; **~ письмо́** кагъат босизе, щвезе; **~ зарпла́ту** харж босизе (щвезе); **~ кварти́ру в но́вом до́ме** цIияб минаялда квартира щвезе 2) (*добыть*) бахъизе; **~ кероси́н и из не́фти** нефталдасан (чIегIернартидасан) нарт бахъизе 3) (*испытать*): **~ вы́говор** выговор щвезе; **~ удово́льствие** лазат (рахIат) щвезе 4) (*заболеть*): **~ на́сморк** магIарччин щвезе ◊ **~ зва́ние профе́ссора** профессорасул цIар щвезе

ПОЛУЧИ́ //ТЬСЯ *сов.* 1) (*удаться*) лъугьине; **~лось хорошо́** лъикI лъугьана 2) (*случиться*) ккезе; **~лась неприя́тность** лазатбахъи ккана; **~лось так, что я винова́т** гIайибияв дун ккана

ПОЛУ́ЧКА *ж разг.* **1.** (*по гл.* **получи́ть**) боси, щвей **2**. (*зарплата*) харж

ПОЛУША́РИ//Е *с в разн. знач.* бащдаб шар; **~ е головно́го мо́зга** гIадалзул нахул бащалъи; **се́верное ~е** северияб бащдаб шар; **ю́жное ~е** югалъулаб бащдаб шар (ракьул шаралъул югалъулаб бащдаб рахъ)

ПОЛУШЁЛКОВ//ЫЙ, -ая, -ое бащдаб чиллайдул; **~ая мате́рия** бащдаб чиллайдул ххам (бащдаб чиллай бугеб ххам)

ПОЛУШЕРСТЯН//О́Й, -ая, -ое бащдаб квасулаб, бащдаб квас бугеб; **~а́я ткань** бащдаб квас бугеб ххам

ПОЛУ́ШК//А *ж уст.* кепкил ункъил бутIа (*цебегосеб пахъул гIарцул*)

ПОЛУШУ́БОК *м* къокъаб хъабарча

ПОЛУШУТЛИ́ВЫЙ, -ая, -ое махсара гьоркьоб чIвазабураб

ПОЛУШУТЯ́ *нареч.* махсараги гьоркьоб чIвазабун, махсараги хIалае ккун

ПОЛЦЕНЫ́: за ~ бащдаб багьаялде; учузаб багьаялде

ПОЛЧАСА́ *м* бащдаб сагIат; **за ~ до отхо́да по́езда** поезд иналде бащдаб сагIаталъ цебе

ПО́ЛЧИЩ//Е *с* 1) (*войско*) кIудияб бо, аскар; **вра́жеские ~а** тушманасул боял 2) *перен. (множество)* руккел; **~а комаро́в** кIкIурузул руккелал

ПО́Л//ЫЙ, -ая, -ое (*пустое внутри*) жаниса гьодораб; **~ые рога́** жаниса гьодорал лълъурдул; **~ая вода́** гIор щвараб механъ къватIибе кIанцIараб лъим

ПО́ЛЫМЯ: ◊ **попа́сть из огня́ да в ~** *погов.* цIадасаги ворчIун, жужахIалъуве ккезе (цIадакьаги ворчIун, гонгикье ккезе)

ПОЛЫ́НЬ *ж бот.* юшан

ПОЛЫНЬЯ́ *ж* гIурул, хIорил, ралъдал цIер чIвачIого (*цIорочIого*) хутIараб яги цIер биараб бакI

ПОЛЫХА́//ТЬ *несов. разг.* гваргъан (гваргъун) рекIине; **~ет пожа́р** цIа гваргъун рекIун буго

ПО́ЛЬЗ//А *ж* пайда, хайир; **кака́я от э́того ~а?** гьелдасан щиб пайда бугеб? **пойти́ на ~у** пайда (*мунпагIат*) ккезе; **э́то пошло́ ему́ на ~у** гьелъул гьесие пайда ккана (*хайиралъе батана*); **в ~у** *кого-л. лъиениги* пайдаялъе

ПО́ЛЬЗОВАНИЕ *с* (*по гл.* **по́льзоваться**) пайда боси; **отда́ть во вре́менное ~** заманалъ пайда босизе кьезе

ПО́ЛЬЗОВАТЬСЯ *несов. чем* 1) (*употреблять*) пайда босизе, хIалтIизабизе; **~ электри́ческим све́том** электрикалъул канлъи хIалтIизабизе 2) (*извлекать выгоду*) пайда босизе; **~ вся́ким удо́бным слу́чаем** кинаб букIаниги санагIатаб лъугьа-бахъинаддаса пайда босизе 3) (*обладать*) букIине; **~ дове́рием** божилъи букIине

ПО́ЛЬКА[1] *ж* (*национальность*) полякай

ПО́ЛЬКА[2] *ж* (*танец*) полька, полька кьурди

ПО́ЛЬСКИЙ, -ая, -ое поляказул; **~ язы́к** поляк мацI

ПОЛЬСТИ́ ТЬ *сов. кому-чему* хIелхIедизе, бадибе рецц гьабизе

ПОЛЬСТИ́ ТЬСЯ *сов. на кого-что* бахиллъизе; гъира бахъине; **~ на де́ньги** гIарцуда бахиллъизе; хIацIадизе

ПОЛЮБИ́ТЬ *сов. кого-что с неопр. и без доп.* бокьизе; **~ де́вушку** яс йокьизе; **~ чита́ть** цIализе бокьизе

ПОЛЮБЙ//ТЬСЯ *сов. разг.* цогидазе вокьизе, рекIее гIезе; **он мне ~лся за прямоту́** дие гьев ритIухълъиялъе гIоло рекIее гIуна

ПОЛЮБОВА́ТЬСЯ *сов. кем-чем на кого-что* 1) балагьун кеп босизе 2) *разг. ирон.:* **полюбу́йся!** хал гьабе цо!

ПОЛЮБОПЫ́ТСТВОВАТЬ *сов. щибниги* цIияб жо лъазе бокьизе, гъорлъе ваккизе гъира букIине; **позво́льте ~** изну кье, гъорлъе ваккун, гъваридго лъазабизе

ПО́ЛЮС *м* 1) *геогр.* полюс (*дунялалъул югалъулабги севералъулабги тIогьал*) 2) *физ.* полюс (*электрикалъул токалъул яги макъратIисалъул полюс*) 3) *перен.* полюс (*сундуениги гIакса ккколеб жо*)

ПОЛЯ́ К *м* полякав

ПОЛЯ́ КИ *мн.* полякал

ПОЛЯ́НА *ж* тала (*рохьил рагIалда яги бакьулъ бугеб рацIцIалъи*)

ПОЛЯ́РНИК *м* полярник (*полярияб станциялъул хIал-тIухъан*)

ПОЛЯ́РН//ЫЙ, -ая, -ое 1) полярияб, полюсалъулаб; **~ый круг** полярияб свери, гор; **~ая зо́на** полярияб зона (*рахъ*) 2) *перен. книжн.* цоцазе гIакса ккколеб ◊ **~ая ночь** полярияб сордо (*полярияб рахъалда бакъ баккулареб заман*) (*лъагIалил бутIа*)

ПОМА́ДА *ж* помада (*кIутIби, гIанаби релъунеб, кIутIулеб жо*)

ПОМА́ДКА *ж* помадка (*берцинаб махI бугел тамахал конфетал*)

ПОМА́ЗАТЬ *сов. что* бахине, жужазе ◊ **~ по губа́м** *щибниги* гьабилилан рагIи кьезе; чIобогояб хьул лъезабизе

ПОМА́ЗАТЬСЯ *сов.* жиндаго *щибниги* бахине

ПОМАЗО́К *м* полоп гьабулеб, бахунеб щетка

ПОМАЛЕ́НЬКУ *нареч. разг.* дагьа-дагьабккун, гIиссинккун

ПОМА́ЛКИВА//ТЬ *несов. разг.* (*кIалъачIого*) вуцIцIун чIезе; **сиди́т да ~ет** кIалъачIого гIодов чIун вуго (гIодов чIун вуго, кIалъалевги гьечIо)

ПОМАНИ́ТЬ *сов. кого (подозвать)* аскIове ахIизе, вачIинавизе

ПОМА́Р//КА *ж* битIизабураб бакI (*хъвараб жо*); **писа́ть без ~ок** битIизабураб бакI гьечIого хъвазе

ПОМА́СЛИТЬ *сов. что* цодагьаб нах бахине; **~ блин** хъухъанчедалда цодагьаб нах бахине

ПОМАХА́ТЬ *сов. чем кигIаналигo заманалъ* хьвагIезабизе; **~ руко́й** квер хьвагIезабизе

ПОМА́ХИВАТЬ *несов. чем (зама-заманалдасан)* гьаругьин хьвагIизе; **~ платко́м** гьаругьин квербацIцI хьвагIизе

ПОМЕ́ДЛИТЬ *сов.* хIинцлъизабизе, хадуб бехъерхъизабизе; **~ с отве́том** жаваб гIедегIичIого кьезе

ПОМЕЛО́ *с* кIкIуйдул тIала бацIцIунеб жул

ПОМЕ́НЬШЕ 1) *сравн. ст. к* **ма́лый**[1]**, ма́ленький; он ро́стом ~ меня́** гьев лагаялъ дидаса къокъав вуго (*гьесул лага диралдаса къокъаб буго*) 2) *сравн. ст. к* **ма́ло**

ПОМЕНЯ́ ТЬ *сов. кого-что* хисизе

ПОМЕНЯ́ ТЬСЯ *сов. чем* цоцазе хисизе; **~ места́ми** цоцазе бакIал хисизе; хисун ккезе

ПОМЕРЕ́ТЬ *сов. разг.* хвезе

ПОМЕРЕ́ЩИ//ТЬСЯ *сов. кому разг. (гьечIеб жо)* цебе тIамизе, бугеблъун ккезе; **э́ то тебе́ ~лось** гьеб дуда цебе тIамун буго

ПОМЕ́РИТЬ *сов. что* борцине; **~пальто́** пальто борцине

ПОМЕ́РИТЬСЯ *сов. чем с кем-чем* цоцазул хIал бихьизе; данде ккун борцине; **~ ро́стом** *с кем-л. лъилгунниги* логол халалъи борцине

ПОМЕ́РКНУТЬ *сов.* рукIкIине (*дунял*), бецIлъизе, нур свине; **ме́сяц поме́рк** моцIрол нур свана

ПОМЕРТВЕ́//ТЬ *сов.* 1) хвезе; ругьине; **па́льцы ~ли от хо́лода** квачалъ кверал ругьун руго 2) *перен.* кIал-мацI къотIун лъугьине; **~ть от стра́ха** хIинкъиялъ кIал-мацI къотIун лъугьине, кIал-мацI кквезе

ПОМЕСТИ́ ТЬ *сов.* 1) *кого-что* тезе, бакI кьезе; **~ прие́зжих в гости́нице** рачIаразе гостиницаялда бакI кьезе 2) *что (уложить)* рекъезарун лъезе, сокIкIине; **~кни́ги в шкафу́** тIахьал шкафалъур сокIкIине 3) *кого-что (определить)* бакI гьабизе; **~ ребёнка в детса́д** лъимадуе яслиялда бакI гьабизе 4) *что (напечатать)* бахъизе, лъезе; **~ статью́ в журна́ле** статья журналалда бахъизе

ПОМЕСТИ́ТЬСЯ *сов.* 1) (*поселиться где-л.)* рещтIине, чIезе; **~ в гости́нице** гостиницаялда чIезе 2) (*уместиться*) гьине, бакI гIезе; **мы здесь все поме́стимся** нилъ киналго гьанир гьина (*киназего гьаниб бакI гIела*)

ПОМЕ́СТЬЕ *с* помещикасул ракь (*рукъзалгун цадахъ*); **кру́пное ~** помещикасул кIудияб ракь (*мина-ракь*)

ПО́МЕСЬ *ж биол.* 1) (*о животном*) кIиго батIияб тайпа жубан лъугьараб хIайван; **мул – ~ осла́ и ло́шади** гIорцIен – хIамилги гIаладалги хьон (*тайпа*) жубан лъугьараб хIайван 2) *разг.* (*смешение чего-л.) щиб-шибниги* жубан лъугьараб жо (жуба-гъубай)

ПОМЕ́СЯЧНЫЙ, -ая, -ое щибаб моцIилаб; щибаб моцI ккун кьолеб; **~ дохо́д** щибаб моцIилаб хайир; **~ график** щибаб моцIилаб график

ПОМЁТ *м* 1) рак, хьил; **коро́вий ~** гIакдал рак; птичий ~ хIанчIазул рак; овечий ~ гIиял хьил 2) (*выводок*) цохIо нухалъ къинлъун гьарурал тIанчIи; **щенки́ весе́ннего ~а** ихдал гьарурал турщул

ПОМЕ́ТА *ж*: **граммати́ ческая ~** рагIул хасиятал гIаламатал хас гьарун словаралда рихьизари

ПОМЕ́ТИТЬ *сов. что* ишара гьабизе, гIуж базе

ПОМЕ́ТК//А *ж* ишара, гIуж; **каранда́шные ~и на поля́х кни́-ги** тIехьалъул гьурмазул рагIаллъабазда (*полябазда*) карандашалъ гьарурал ишараби

ПОМЕ́Х//А *ж* **1.** квалквал, авара; **устрани́ть ~и** квалквалал лъугIизаризе **2**. *мн.* **~и** радиоялде, телевизоралде рачIунел электромагниталъул чIоразе ккколел квалквалал

ПОМЕЧА́ТЬ *несов. см.* **поме́тить**

ПОМЕЧТА́ТЬ *сов. о ком-чём и без доп.* анищал гьаризе

ПОМЕ́ШАННЫЙ, -ая, -ое 1) (*сумасшедший*) гIадаллъарав; гIабдал, ахIмакъ; **~ челове́к** бетIер сверарав чи 2) *перен. разг.* кинабго кIочон, цо жоялде вуссарав; **он поме́шан на ша́хматах** кинабго кIочон, гьев шахматазде вуссун вуго (*шахматаз гьесул бетIер сверизабун буго*)

ПОМЕША́ТЕЛЬСТВО *с* гIадаллъи, бетIер свери

ПОМЕША́//ТЬ[1] *сов. кому-чему* квалквал гьабизе; **я вам не ~ю?** дица нужее квалквал гьабиладай?

ПОМЕША́ТЬ[2] *сов. что чем и без доп.* багъаризе, жубазабизе; **~ чай** чай багъаризе

ПОМЕША́ТЬСЯ *сов.* 1) (*сойти с ума*) гIадаллъизе, бетIер сверизе 2) *на ком-чём перен. разг.* кинабго кIочон, *сунденигu* вуссине; **~ на му́зыке** кинабго кIочон музыкаялде (бакъан-къоноялде) вуссине

ПОМЕ́ШИВАТЬ *несов. см.* **помеша́ть**[2]

ПОМЕЩА́ТЬ *несов. см.* **помести́ ть**

ПОМЕЩА́//ТЬСЯ *несов.* 1) *см.* **помести́ ться**; 2) (*находиться*) букIине; **библиоте́ка ~ется на пе́рвом этаже́** библиотека тIоцебесеб тIалаялда (*этажалда*) буго

ПОМЕЩЕ́НИЕ *с* **1**. (*по гл.* **помести́ ть**) тей, бакI кьей (*напр. в гостинице*), лъей (*напр. статьи в газете*) **2**. (*здание, внутренность здания*) мина, ригь, рукъ, щибниги жаниб лъолеб бакI; **жило́е ~** жаниб гIумру гьабулеб мина

ПОМЕ́ЩИК *м* помещик, ракьул бетIергьан (*революциялда*

цебесеб Россиялда)

ПОМЕ́ЩИЦА *ж* помещица

ПОМЕ́ЩИЧ//ИЙ, -ья, -ье помещикасул; **~ьи зе́мли** помещикасул ракьал

ПОМИД О́Р *м* (*плод и растение*) помидор

ПОМИ´ ЛОВАНИЕ *с* тIаса лъугьин, гурхIел гьаби, цIоб гьаби

ПОМИ´ Л//ОВАТЬ *сов. кого* тIаса лъугьине, гурхIел гьабизе

ПОМИ´ МО *предлог с род. п.* 1) (*кроме*) хутIизегIан 2) (*минуя*) хъатIичIого гьоркьоб биччан; **всё́ сверши́лось ~ меня́** кинабго рагIалде ба-хъана (*лъугIана),* дидаги хъатIичIого, дунги гьоркьов виччан

ПОМИНА́//ТЬ *несов.* 1) *кого-что, о ком-чём уст. (вспоминать)* ракIалде щвезабизе, бачIинабизе; 2) *кого (в молитве)* рехсезе 3) *кого (устраивать поминки)* къулгьу гьабизе (*иливашалда гьоркьоб гIахьаллъи гьабизе*) ◊ **~ть добро́м (до́брым сло́вом)** лъикIал рагIабиги абун ракIалде щвезавизе (*лъикIаб рахъалъ ракIалде щвезавизе*)

ПОМИ´ НКИ *мн.* къулгьу, мегъел

ПОМИНУ́ТНО *нареч.* щибаб минуталъ

ПОМИНУ´ ТНЫЙ, -ая, -ое щибаб минуталъ гьабулеб, щибаб минуталъулаб

ПОМИРА́ТЬ *несов. см.* **помере́ть** ◊ **~со́ смеху** релъун хвезе (*кутакалда релъизе*)

ПОМИРИ´ ТЬ *сов. кого с кем* рекъезаризе

ПОМИРИ´ ТЬСЯ *сов. с кем и без доп.* рекъезе

ПО́МН//ИТЬ *несов. кого-что, о ком-чём* ракIалда букIине, кIочон тунгутIизе; **я ~ю** дида ракIалда буго; **я не ~ю** дида ра-кIалда гьечIо; **~ить о друзья́х** гьудулзаби кIочон тунгутIизе (*ракIалде щвезе*); **я ~ю его́** дида гьев ракIалда вуго ◊ **не ~ить себя́** *от чего-л.* рекIеда гьечIого вукIине, жинцаго гьабулеб жо лъалареб хIалалда вукIине

ПО́МНИТ//ЬСЯ *несов.* 1) ракIалде щвезе, бачIине; **мне ~ся э́ тот день** дида ракIалде щола гьеб къо 2) *3 л. ед. ч.* **~ся** *в знач. вводн. сл.* ракIалда буго; **мы, ~ся, здесь бы́ли** нилъ, ра-кIалда буго, гьанир рукIана

ПОМНО́ГУ *нареч.* гIеме-гIемер; **он ест** ~ гьев гIеме-гIемер кванала

ПОМНОЖА́ТЬ *несов. см.* **помно́жить**

ПОМНО́ЖИТЬ *сов. что на что* къабизе; **~ два на де́сять** кIиго анцIилъ къабизе

ПОМОГА́ТЬ *несов. см.* **помо́чь**

ПО-МО́ЕМУ *нареч.* 1) (*по моему мнению*) дир хIисабалда 2) (*по моему желанию*) дие бокьухъе 3) (*по моему совету*) дица малъухъе

ПОМО́//И *мн.* чури, чура-хулараб чурукаб жо; **ведро́ с ~ями** чури тIураб ведро

ПОМО́ЙКА *ж разг.* чура-хулараб жо тIолеб бакI

ПОМО́ЙН//ЫЙ, -ая, -ое: **~ая я́ма** чура-хулараб жо тIолеб гвенд; **~ое ведро́** чури тIолеб ведро

ПОМО́Л *м* 1) ххин; **пла́та за ~** ххаралъухъ кьолеб мухь 2) ххараб бугIа-ролъ; **мука́ кру́пного ~а** чIахIаго ххараб гIатI-ролъ; **мука́ ме́лкого ~а** гIисинго ххараб гIатI-ролъ

ПОМО́ЛВИТЬ *сов. кого с кем, за кого уст.* яс абизе, рагIи бицине (*кьезе*), абун йикIин лъазабизе

ПОМОЛИ´ ТЬСЯ *сов.* как базе, дугIа гьабизе

ПОМОЛОДЕ́ТЬ *сов.* гIолохъанлъизе, бахIарлъизе

ПОМОЛОТИ́ТЬ *сов.* 1) (*некоторое время*) *цо кигIаналиго заманалъ* лал тIамизе 2) *что (всё)* лали лъугIизабизе

ПОМОЛО́ТЬ *сов. что* дагьаб мехалъ ххине; цодагьаб къадар ххине

ПОМОЛЧА́ТЬ *сов.* дагьаб мехалъ кIалъачIого (руцIцIун) чIезе

ПОМО́Р *ж* поморав (*Хъахlаб ва Баренцово ралъадазул рагIаллъабазда гIумру гьабулезул цояв)*

ПОМО́РКА *ж* поморай

ПОМОРО́ЗИТЬ *сов. что кигIаналиго мехалъ* цIорозабизе; цIорозе тезе; **~ цветы́** тIугьдул цIорозе тезе

ПОМО́РЩИТЬСЯ *сов.* дагьа-макъаб букIкIине; **~ от бо́ли** унтиялъ (*гьумер*) дагьа-макъаб букIкIине

ПОМО́РЫ *мн.* поморал

ПОМО́СТ *м* хъорщол гьабураб борхалъи, мегIели

ПО́МОЧ//И *мн.* (*подтяжки*) рачалаби, чIалал (тIажу кколел чIалал) ◊ **быть (ходи́ ть) на ~ах** квасугIарщ гIадин вукIине, цIара-цIаралъуве ине

ПОМОЧИ´ ТЬ *сов. кого-что* биччизабизе

ПОМОЧИ´ ТЬСЯ *сов. (испустить мочу)* кIушизе

ПОМО́//ЧЬ *сов. кому-чему и без доп.* кумек гьабизе, квербакъи гьабизе; **~чь деньга́ми** гIарцудалъун квербакъи гьабизе; ~ **го́рю** къварилъиялдаса ворчIизавизе, къварилъи ккедал ватизе (кумек гьабизе)

ПОМО́ЩНИК *м* кумекчи; **~ машини́ста** машинистасул кумекчи

ПОМО́ЩНИЦА *ж* кумекчIужу

ПО́МОЩ//Ь *ж* кумек, квербакъи, кверчIвай; **оказа́ть** ~ кумек гьабизе; **на ~ь!** кумекалъе (*рачIа*)! ◊ **при ~и** (*гьелъул*) кумекалдалъун; **ско́рая ~ь** хехаб кумек

ПО́МП//А[1] *ж* (*торже́ственность*) кIудияб къагIида, кIудияб рохел; **встре́тить** *кого-л.* **с ~ой** кIудияб къагIидаялъ дандчIвай гьабизе

ПО́МПА[2] *ж тех.* насос (*лъамалъи яги газ кьабулеб*)

ПОМПЕ́ЗН//ЫЙ, -ая, -ое *книжн.* кIудияб къагIидаялъ гIуцIараб; **~ая встре́ча** цIакъго гIорхъолъа ун, кIудияб къагIидаялъ гIуцIараб дандчIвай

ПОМПО́Н *м* гIертел (*берцинлъиялъе тIагърил тIогьиб балеб кунал гьабураб гьитIинаб гIомо*)

ПОМРАЧНЕ́НИЕ *с*: ~ **созна́ния** гIакълу-лъаялъе мукъсанлъи лъугьин (*ккей*); гIакълу дагьлъи

ПОМРАЧИ´ ТЬ *сов. что* бецIлъиялъ бахчизе, бецI гьабизе

ПОМРАЧИ´ //ТЬСЯ *сов. 1)* бецIлъиялъ бацизе, бецIлъизе 2) *перен.* пикру загIиплъизе; **его́ ра́зум ~лся** гьесул гIакълу дагьлъун буго (*пикру лъикI хIалтIулеб гьечIо*); **у меня́ в глаза́х ~лось** дир беразда цебе хьухь лъугьана, канлъи дагьлъана

ПОМУТНЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **помутне́ть**) гьабугьин, хIабургьин

ПОМУТНЕ́//ТЬ *сов.* хIабургьине, гьабугьине; **вода́ ~ла** лъим хIабургьана

ПОМУ´ ЧИТЬ *сов. кого-что дагьаб заманалъ* гIазаб-гIакъуба кьезе

ПОМУ́ЧИТЬСЯ *сов. дагьаб замааялъ* гIазаб-гIакъубаялда вукIине, гIазаб хIехьезе

ПОМЧА́//ТЬ *сов.* 1) *кого-что* хъамун ине, бекеризабизе, дуризабизе; **ло́шади ~ли пово́зку** чуяз гьоко хъамулеб (дуризабулеб) букIана 2) *разг. см.* **помча́ться**

ПОМЧА́//ТЬСЯ *сов.* дурун ине, хехго ине, векерун ине, хадур ртортизе; **соба́ки ~лись за за́йцем** гьаби гIанкIида хадур ртортана

ПОМЫКА́ТЬ *несов. кем* хъачIго кIалъазе, согIго вукIине (*лъидехунниги*); ~ **свои́ми дома́шними** жиндирго рокъоселгун согIго вукIине, хъачIго кIалъазе

ПО́МЫС//ЕЛ *м* нигат, къасд, рекIел хиял; **благи́е ~лы** лъикIал къасдал

ПОМЫ´ ТЬ *сов. кого-что* чуризе; **~ ру́ки** кверал чуризе

ПОМЫ´ ТЬСЯ *сов.* чвердезе; **~ в ба́не** хIамамалда чвердезе

ПОМЫШЛЕ́НИЕ *с уст.* пикру, ургъи

ПОМЯНУ´ //ТЬ *сов. кого-что* ракIалде щвезабизе 2) (*умершего*) (*хварав*) ракIалде щвезавизе, рехсезе

ПОМЯ́ТЬ *сов. что* букIкIинабизе (*дагьабго*); мерхьине ◊ ~ **бока́** *кому-л. прост. щивниги* вухизе

ПОМЯ´ //ТЬСЯ *сов.* 1) букIкI-букIкIине; **пла́тье ~лось** гурде букIкI-букIкIана 2)*разг. (поколебаться)* васвасдизе

ПОНАДЕ́ЯТЬСЯ *сов. на кого-что с неопр. и с союзом «что», разг.* хьул букIине, божун вукIине

ПОНА́ДОБИТ//ЬСЯ *сов.* къваригIине, хIажалъизе; **мне ~ся э́ та кни́ га** гьаб тIехь дие къваригIина

ПОНАПРА́СНУ *нареч.* чIалгIаде, гIадада

ПОНАСЛЫ́ШКЕ *нареч. разг.* рагIухъе, *лъидасанниги* рагIун; **знать** ~ *лъидасанниги* рагIун лъазе

ПО-НАСТОЯ´ ЩЕМУ *нареч.* букIине кколеб куцалъ

ПО-НА́ШЕМУ *нареч.* 1) (*по нашему мнению*) нижер хIисабалда 2) (*по нашему желанию*) нижеего бокьун 3) (*по нашему совету*) нижеца малъухъе, нижер малъиялда рекъон

ПОНЕВО́ЛЕ *нареч.* бокьаниги бокьичIониги, рес гьечIого, чара гьечIолъиялъ; **согласи́ться ~** бокьаниги бокьичIониги разилъизе

ПОНЕДЕ́ЛЬНИК *м* итни, итни къо; **в ~ у́тром** итни къоялъ радал; **в ~ ве́чером** итниялъ къаси

ПОНЕДЕ́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое щибаб анкьил(-аб); **~ая опла́та** щибаб анкьалъ кьолеб харж, мухь, анкьил харж

ПОНЕ́ЖИТЬСЯ *сов.* дагьалъ кеп, лазат босизе (*вегун*)

ПОНЕМНО́ГУ *нареч.* 1) дагь-дагьккун, гIисинккун 2) кIудияб хиси гьечIого

ПОНЕМНО́ЖКУ *нареч. см.* **понемно́гу**

ПОНЕС//ТИ́ *сов.* 1) *кого-что* босун ине, щвезабизе; **~ти́ бума́ги на по́дпись** кагътал гъолбас гьабизе росун ине 2) *кого-что (помчать)* дуризавизе, векеризавизе 3) (*помчаться)* рекеризе, дуризе; **ло́шади ~ли** чуял рекерун ана 4) *безл. чем и без доп. (повеять*) пузе, гьогьен чIвазе; **из окна́ ~ло́ хо́лодом** гордухъан квач чIвана 5) *что (потерпеть*) хIехьезе; **~ти́ наказа́ние** тамихI хIе-хьезе; **~ти́ тяжёлую утра́ту** захIматаб (*бакIаб*) ками бихьизе 6) *кого-что (некоторое время)* баччизе, босизе; **дай я ~у́ чемода́н** дица босилин чемодан

ПОНЕС//ТИ́СЬ *сов.* рекерун, ункъиде кIанцIун ине; **ло́шади ~ли́ сь** чуял цересан рекерун ана (*росун унел гIадин, ана*)

ПО́НИ *м нескл.* пони (*гьитIинаб, логокъаб тайпаялъул чу*)

ПОНИЖА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **пони́зить(ся)**

ПОНИЖЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **пони́зить**) да́гьлъи, гIодобегIан ин, гIодобе ккей; **~ цен** багъаби гIодоре ккей **2**. тIуцаб, лъухъаб, борхатаб гуреб бакI

ПОНИ́ЖЕНН//ЫЙ, -ая, -ое гIодобе ккараб; **~ое давле́ние** гIодобе ккараб тIадецуй (*давление*)

ПОНИ́ЗИТЬ *сов. кого-что* гIодобе ккезабизе, дагь гьабизе; **~ ско́рость** хехлъи гIодобе ккезабизе (дагь гьабизе); **~ ка́чество** качество гIодобе ккезабизе; **~ це́ну** багъа гIодобе ккезабизе ◊ **~ го́лос** гьаракь гьитIин гьабизе

ПОНИ́ЗИ//ТЬСЯ *сов.* гIодобе ккезе; дагьлъизе; **ско́рость ~лась** хехлъи гIодобе ккана (дагьлъана); **це́ны ~лись** багъаби гIодоре ккана; **у больно́го ~лась температу́ра** унтарасул цIа-кан гIодобе ккана

ПОНИКА́ТЬ *несов. см.* **пони́кнуть**

ПОНИ́К//НУТЬ *сов.* 1) (*склониться*) къулизе, гIодобе дализе; **коло́сья ~ли от бу́ри** бураналъ тIорал гIодоре дализаруна; **голова́ ~ла** бетIер гIодобе къулана (далана) 2) *чем (склонить*) къулизабизе 3) *перен. (утратить бодрость духа*) кеп гьечIого лъугьине, гIодов чIвазе

ПОНИМА́НИ//Е *с* 1) бичIчIи; **э́то вы́ ше моего́ ~я** гьеб дида бичIчIулеб жо гуро 2) (*толкование*) магIна гьаби, бичIчIизаби

ПОНИМА́ТЬ *несов.* 1) *см.* **поня́ть;** 2) *кого-что (обладать пониманием)* бичIчIи букIине; **~ чужу́ю речь** чияр калам бичIчIизе; **~ друг дру́га** цоцазда ричIчIизе 3) *что (осмыслять, толковать)* баянлъизе, бичIчIизе; **как э́то ~?** кин гьеб бичIчIилеб? **~ му́зыку** музыка бичIчIизе ◊ **ни а́за не ~** щибниги бичIчIунгутIизе

ПО-НО́ВОМУ *нареч.* цIияб къагIидаялъ

ПОНОЖО́ВЩИНА *ж разг.* нусаздарагъ

ПОНО́С *м* риххел

ПОНОСИ́ ТЬ[1] *сов.* 1) *кого-что (дагьаб мехалъ)* кодоб кквезе; **~ ребёнка** лъимер дагьаб мехалъ кодоб кквезе 2) *что* ретIине; **~ пальто́ бра́та** вацасул пальто ретIине

ПОНОСИ́ ТЬ[2] *несов. кого-что (ругать)* семизе, какизе, семун инжит гьавизе

ПОНО́ШЕННЫЙ, -ая, -ое 1) ретIараб, ретIун басралъараб; **~ костю́ м** басралъараб костюм 2) *перен. разг.* куц-мухъ хвараб, бечIараб; **~ вид** куц-мухъ хвараб сипат-сурат

ПОНРА́ВИ//ТЬСЯ *сов. кому-чему* рекIее гIезе, бокьизе, ракI рекъезе; **он мне ~лся** дие гьев рекIее гIуна

ПОНТО́Н *м* понтон *(заманалъе лъураб кьо тIасан рехараб тIину битIараб гама)*

ПОНТО́ННЫЙ, -ая, -ое понтоналъул; **~ мост** понтоналъул кьо

ПОНУДИ́ ТЬ *сов. кого щибниги* гьабизе тIамизе; гьабизабизе; **~к согла́сию** разилъизе тIамизе

ПОНУЖДА́ТЬ *несов. см.* **понуди́ ть**

ПОНУЖДЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **понуди́ть**) гьабизе тIами, хIалица гьабизаби

ПОНУКА́ТЬ *несов. кого разг.* 1) хехлъизабизе, гIедегIизабизе, бацIизе; **~ коня́** чу бацIизе 2) *перен. разг.* вагъа-вачаризавизе, чIинкьа-кIитIизавизе; **~ лентя́я** кIухIал чIинкьа-кIитIизавизе

ПОНУ́РИ//ТЬ *сов:* **~ть го́лову** бетIер гIодобе къулизабизе; **они́ сиде́ли, ~в го́ловы** гьел, бутIрулги къулизарун, гIодор чIун рукIана

ПОНУ́ РИ//ТЬСЯ *сов.* пашманго бетIер дализе (*къулизе*) биччазе; **сиде́ть ~ вшись** пашманго бетIерги дализе биччан, гIодов чIезе

ПОНУ́ РЫЙ, -ая, -ое ракI бекараб, ракI свараб, пашманаб; **~вид** пашманаб куц-мухъ

ПО́НЧИК *м* нахулъ бежараб гьуинаб гурга (пирожок)

ПОНЫ́ НЕ *нареч. уст.* жегиги, гьанжелъагIанги; **э́ тот обря́ д сохрани́ лся и ~** гьеб гIадат жегиги цIунун хутIун буго

ПОНЮ́ХАТЬ *сов. что* махI сунтIизе ◊ **и ~ не дать** рекIеда ватизецин течIого (махI сунтIизегIанцин течIого); *сунданиги* аскIовегIанцин виччангутIизе

ПОНЯ́ ТИ//Е *с* магIна, бичIчIи, рекIелъе ин

ПОНЯ́ ТЛИВОСТЬ *ж* бичIчIи буголъи, хехго нахъгIунтIи

ПОНЯ́ТЛИВЫЙ, -ая, -ое бичIчIи бугев,хехго нахъгIунтIулев; **~ ребёнок** хехго жо бичIчIулеб лъимер

ПОНЯ́ТНО 1. *нареч.* бичIчIуледухъ; **~ говори́ть** бичIчIуледухъ абизе; **~?** бичIчIанищ?; **тепе́рь ~** гьанже бичIчIана **2**. *в знач. вводн. сл. разг. (конечно)* бичIчIулеб жо; **я, ~, согласи́лся** бичIчIулеб жо, дун разилъана

ПОНЯ́ТН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*ясный*) бичIчIулеб, рекIелъе бортулеб; **~ое сло́во** бичIчIулеб ргIи 2) (*обоснованный*) баянаб, хIакъаб, букIине кколеб; **вполне́ ~ое реше́ние** тIубанго баянаб хIукму

ПОНЯТО́Й *м* нугI (*сундуе бугониги нугIлъи гьабизе вачарав чи*)

ПОНЯ́ТЬ *сов. кого-что* бичIчIизе; **я не по́нял ва́шу мысль** дида дур пикру бичIчIичIо ◊ **дать ~** бичIчIизабизе

ПООБЕ́ДАТЬ *сов.* къаде кваназе

ПООБЕЩА́ТЬ *сов. что с неопр. или с союзом* **«что»** ргIи кьезе, къотIи гьабизе

ПОО́ДАЛЬ *нареч.* добегIан; **сесть ~** довегIан гIодов чIезе

ПООДИНО́ЧКЕ *нареч.* цо-цоккун; **вызыва́ть ~** цо-цоккун къватIире ахIизе

ПООЧЕРЁДНО *нареч.* иргадал (ирга гьабун)

ПООЧЕРЁДН//ЫЙ, -ая, -ое иргаялда гьабулеб; **~ое дежу́рство** иргаялда гьабулеб дежурналъи

ПООЩРЕ́НИЕ *с* **1. (***по гл.* **поощри́ть**) гъира ккезаби, тIадрекъей, лъикIаблъун рикIкIин, рахъ кквей **2**. (*награда*) шапакъат

ПООЩРИ́ ТЬ *сов. кого-что* гъира ккезабизе (*базабизе*), тIад рекъезе, лъикIаб къимат кьезе, лъикIаблъун рикIкIине

ПООЩРЯ́ ТЬ *несов.* 1) *см.* **поощри́ ть;** 2) шапакъатал кьезе; **~ хоро́ших рабо́тников** лъикIал хIалтIухъабазе шапакъатал кьезе

ПОП *м разг.* кашиш ◊ **поста́вить на ~а́** *прост.* рахъун чIезарун лъезе

ПОПАДА́НИЕ *с* (*по гл.* **попада́ть**) щвей (*речIчIараб, квагьараб, рехараб жо*); **~ в цель** гIужда щвей

ПОПА́ДАТЬ *сов.* цоялда хадур цогиялги ортизе

ПОПАДА́//ТЬ *несов. см.* **попа́сть** ◊ **зуб на зуб не ~ет** гIосоде гIус кколеб букIинчIо (кутакалда квачаялъ яги хIинкъиялъ сородулев вукIана)

ПОПАДА́//ТЬСЯ *несов. см.* **попа́сться; не ~йся мне на глаза́** дида вихьулеб бакIалде къаге

ПОПА́ДЬЯ *ж* кашишасул чIужу

ПОПА́РНО *нареч.* кIи-кIиккун, жут-жуткун; **стоя́ть ~** кIикIиккун чIезе

ПОПА́//СТЬ *сов.* 1) *в кого-что* щвезе; **ка́мень ~л в окно́** гьецIо горда щвана; **пу́ля ~ла ему́ в плечо́** гулла гьесул гъажалда щвана; **~сть в цель** гIужда щвезе 2) (*оказа́ться*) ккезе; **~сть в беду́** къварилъиялде ккезе; **~сть под суд** судалде ккезе; **как ты сюда́ ~л?** мун гьаниве кин ккарав? **~сть под дождь** цIадакье ккезе 4) (*нечаянно наступить*) ккезе, лъачIого тIад чIезе; **~сть ного́й в**

грязь хIетIе хIарщулъе ккезе 5) (*пройти*) ине, ккезе; **как ~сть на вокза́л?** вокзалалде кин ине кколев (*кин ани кколев*)? 6) (*прийти*) щвезе; **домо́й мы ~ли по́здно** рокъоре ниж кватIун щвана 7) (*быть принятым*) ворчIизе; **~сть в университе́т** университеталде ворчIизе ◊ **где ~ло** ккара-ккаралъув; **как ~ло** кин кканиги; **како́й ~ло** кинаб кканиги (*щваниги*)

ПОПА́СТЬСЯ *сов.* 1) (*оказаться где-л.*) ккезе; **~ в плен** асирлъуде ккезе; **~ в капка́н** гудракье ккезе 2) (*оказаться уличённым*) тIадго кквезе; **~ в кра́же** цIогьодулаго тIад кквезе 3) *разг. (повстречаться)* дандчIвазе, данделъизе 4) (*случайно подвернуться)* ракIалдаго гьечIого батизе; **попа́лась хоро́шая кни́-га** лъикIаб тIехь батана ◊ **~ на глаза́** берзукье ккезе, токлъукье данде чIвазе

ПОПЕРЁК 1. *нареч.* (*цо бакI къотIун*) гIебса; **разре́зать ~** гIебса къотIизе **2**. *предлог с род. п.* гIебса; **поста́вить маши́ну ~ у́лицы** машина къотIноб гIебса лъезе (*чIезабизе*); **~ доро́ги** нух къотIун ◊ **вдоль и ~** кибго, кинабго рахъалдасан; *стать кому-л.* **~ го́рла** *лъие бугониги* квалквал гьабизе, щокъров къан вукIине

ПОПЕРЕМЕ́ННО *нареч.* хис-хисун; **чита́ть ~** хис-хисун (*иргадал*) цIализе; **~ нести́ ве́щи** къайи-къоно иргадал баччизе

ПОПЕРЕ́ЧИНА *ж* гIебса чIвалеб, лъолеб хъарщи, рахи...

ПОПЕРЕ́ЧНИК *м бокьараб гургинаб яги гургинккараб предметалъул* гIеблъи; **два ме́тра в ~е** гIеблъиялда (*диаметралда*) кIиго метр

ПОПЕРЕ́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое: **~ая пила́** гIебсахъухъадиро; **~ый брус** гIебса лъураб квен, рахи

ПОПЕРХНУ́ТЬСЯ *сов.* щокъроб жо къан (*мекъинухалъ ун*), хIалцен бачIине

ПОПЕЧЕ́НИ//Е *с* тIалаб гьаби, агъаз гьаби, кумек гьаби; **быть на ~и** *кого-л. лъилниги* тIалаб-агъазалде ккезе

ПОПЕЧИ́ТЕЛЬ *м (опекун)* къайим, *лъилниги* тIалаб-агъаз гьабулев чи; **~ несовершенноле́тнего** жеги балугъльичIесул къайим

ПОПЕЧИ́ТЕЛЬНИЦА *ж* къайим, *лъилниги* тIалаб-агъаз гьабулей гIадан

ПОПЕЧИ́ТЕЛЬСТВО *с* къайимлъи, *лъилниги* тIалаб-агъаз гьаби, хьихьи

ПОПИРА́ТЬ *несов. что* мерхьине, чурхъизе; сан гьабичIого тезе; гIадахъ босичIого тезе; *~ чьи-л.* **права́** *лъилниги* ихтиярал сан гьаричIого тезе

ПОПИ́ТЬ *сов. чего и без доп.* гьекъезе (*дагьа-макъаб*); **~ воды́** лъим гьекъезе 2) разг. гьекъон бахъине, лъугIизе

ПОПЛА́ВАТЬ *сов.* лъедезе (*дагьаб мехалъ*)

ПОПЛАВО́К *м* поплавок (*ччугIа кколелъул, гьармахъ цIакъго гIодобегIан унгутIизе, кварида бухьунеб сак1)*

ПОПЛА́КАТЬ *сов.* дагьаб мехалъ гIодизе

ПОПЛАТИ́ТЬСЯ *сов. чем и без доп. щибниги гьабуралъухъ* жаза щвезе, рецIел щвезе; **~ за свою́ оши́бку** жиндирго ккараб гъалатIалъухъ жаза щвезе (ракIбакъвай щвезе)

ПОПЛЕСТИ́ СЬ *сов.* хIалицаго вилъльине; **~ домо́й** рокъове хIалицаго вилъльине, ине

ПОПЛЫ́ ТЬ *сов.* лъедезе, лъедон ине; **~ к бе́регу** рагIалдехун лъедезе, лъедон ине

ПОПЛЯСА́ТЬ *сов.* кьурдизе (*дагьаб заманалъ*) ◊ **ты у меня́ попля́ шешь!** дица кьурдизавила мун (дица бихьизабила дуда!)

ПОПО́ЙКА *ж разг.* гьекъолди; гьакълил данделъи

ПОПОЛА́М *нареч.* 1) (*на две половины*) бакьулъан, кIихIи; **разре́зать хлеб ~** чед бакьулъан къотIизе 2) (*в равных долях с кем-л.*) кIибащад; **купи́ ть** *что-л.* **~** *щибниги жо,* кIибащад гьабун, бичун босизе; **нести́ расхо́ды ~** харжал бащад гьаризе 3) (*в смешении с чем-л.*): **сиро́п ~ с водо́й** бащдаб лъим жубараб сироп

ПОПОЛЗНОВЕ́НИЕ *с* ракIалде ккей, рекIел хиял, къасд; **име́ть ~ уйти́** къасд букIана нахъе ине

ПОПОЛЗТИ́ *сов.* хъурщун ине, шурун бачIине; **~ по траве́** хардасан шурун бачIине

ПОПОЛНЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **попо́лнить**) тIаде жубай, тIаде бачIин **2.** (*о войсках и т.п.*) тIаде бачIараб жо, тIаде жубараб жо (*аскар, гIарац...*) **3.** (*по гл.* **попо́лниться**) дагьабги кIодолъи, дагьабги цIубай

ПОПО́ЛНИ//ТЬСЯ *сов.* дагьабги кIодолъизе, дагьабги цIубазе, цIезе

ПОПОЛНЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **попо́лнить(ся)**

ПОПОЛУ́ НОЧИ *нареч.* сордо бащалъун хадуб; **в два часа́** ~ сордо бащалъун хадуб сагIат кIигоялда

ПОПО́МН//ИТЬ *сов. что, кому разг.* ракIалде щвезабизе; **~и и моё сло́во** дир ргIиги ракIалде щва; **я тебе́ э́ то ~ю** дица дуда гьеб ракIалде щвезабила

ПОПО́НА *ж* чода тIамулеб турут

ПОПО́РТИТЬ *сов. что разг.* хвезабизе, жагъал гьабизе

ПОПО́ТЧЕВАТЬ *сов. см.* **по́тчевать**

ПОПРАВИ́ М//ЫЙ, -ая, -ое битIизабизе, къачIазе рес бугеб; э́ та оши́ бка ~а гьаб гъалатI битIизабизе бегьула (*кIола*)

ПОПРА́ВИТЬ *сов.* 1) *что* къачIазе, битIизабизе; **~ часы́** сагIат къачIазе; **~ оши́ бку** гъалатI битIизабизе 2) *кого* витIизавизе; **~ ученика́** цIалдохъан витIизавизе (цIалдохъанасул гъалатI битIизабизе) 3) *что (привести в порядок)* гIадлу-низамалде бачине, къачIазе; **~ причёску** катIари къачIазе, 4) (*улучшить, восстановить*) битIа-бишизабизе; **~ га́лстук** галстук битIа-бишизабизе

ПОПРА́ВИ//ТЬСЯ *сов. в разн. знач.* мадар лъугьине, сахлъизе; жиндир гъалатI битIизабизе; лъикIлъизе, тIаде гьан бахине; **его́ здоро́вье ~лось** гьесул сахлъиялъул мадар лъугьана; **он ~лся на два килогра́мма** гьесда кIиго килограмм тIаде бахана (*тIаде бачIана*); **~ться на куро́рте** курорталда мадар лъугьине, сахлъизе

ПОПРА́ВК//А *ж* **1.** (*по гл.* **попра́вить**) къачIай, битIазаби, рекъезаби **2**. (*по гл.* **попра́виться**) мадар лъугьин, са́хлъи, лъи́кIлъи; **у него́ де́ло идёт на ~у** гьесул мадар лъугьунеб буго **3**. (*дополнение*) *щибниги битIизабизелъун* тIаде жубараб жо

ПОПРАВЛЯ́ ТЬ *несов. см.* **попра́вить**

ПОПРАВЛЯ́ //ТЬСЯ *несов. см.* **попра́виться**; **~йтесь!** мадар мугьаги!

ПОПРА́ТЬ *сов. см.* **попира́ть**

ПО-ПРЕ́ЖНЕМУ *нареч.* цебе гIадин, цебеккунго гIадин; **всё оста́лось** ~ кинабго цебего гIадин хутIана

ПОПРЁК *м разг.* гIайиб, гъвел, кIалгьикъи

ПОПРЕКА́ТЬ *несов. кого-что чем см.* **попрекну́ть; ~ куско́м хле́ба** чадил кесек сабаблъун кIал гьикъизе

ПОПРЕКНУ́ ТЬ *сов. кого-чем* кIал-хъат биччазе, гIайиб гьабизе, кIал гьикъизе, бадиб чIвазе

ПО́ПРИЩЕ *с уст.* рекеризе, гугаризе ва цогидалги къецазе бугеб бакI; ккураб нух, иш; **на нау́чном** ~ гIелмияб ишалда

ПОПРО́БОВАТЬ *сов.* 1) *кого-что (испытать*) хIал бихьизе; **~ арти́ста на каку́ю-л. роль** артистасул цо кинаб бугониги ролалда хIал бихьизе; **~ свои́ си́лы** жиндирго къуваталъул хIал бихьизе 2) *что (отведать)* тIагIам бихьизе, татуялъухъ балагьизе; **~ варе́нье** мурапаялъул тIагIам бихьизе (лъазе) кIалдиб лъезе 3) *с неопр. (попытаться сделать*) хIал бихьизе (*щибниги гьабизе*)

ПОПРОСИ́ ТЬ *сов. кого-что* гьа́ризе, гьарун бихьизе

ПОПРОСИ́ТЬСЯ *сов.* изну гьаризе (*щибниги гьабизе*), гьаризе, гьардезе; хIажалъи ккезе

ПО́ПРОСТУ *нареч.* гIадатго, гьадинго, гIадатияб куцалда

ПОПРОША́ЙКА *м, ж* 1) *уст.* гьардохъан 2) *разг.* тIаса вичIичIого, щибниги жо кьеян, сайгъат гьабеян чIолев чи (гьардолев чи, гьардохъан)

ПОПРОША́ЙНИЧАТЬ *несов. разг.* гьардухъанлъи гьабизе; гьардезе

ПОПРОЩА́ТЬСЯ *сов. с кем-чем* къо-мех лъикI гьабизе, къо лъикI гьабизе; **~ с родны́ми пе́ред разлу́кой** ратIалъилалде гIагаразулгун къо-мех лъикI гьабизе

ПОПРЫ́ГАТЬ *сов.* 1) (*некоторое время*) кIанцIезе; **~ на одно́й ноге́** цо бохида кIанцIезе 2) *куда-л.* кIанцIизе (*цоцазда хадур*)

ПОПРЫ́СКАТЬ *сов. разг. (цодагьаб)* пунхъизе; **~ одеколо́ном** (*цодагьаб*) одеколон тIаде пунхъизе; щенезе (*цIад)*

ПОПРЯ́ТАТЬ *сов. разг.* бахчизе (*кинабго, киналго*), бахчун бахъинабизе

ПОПРЯ́ТА//ТЬСЯ *сов. разг.* рахчизе (*киналго, гIемерал*); **мно́гие насеко́мые ~лись от жары́** гIемерисел рухIчIаголъаби (*шурулел жал*) багIариялдаса рахчана

ПОПУГА́Й *м* **1.** попугай, гаргадулеб хIинчI **2**. *перен. разг.* жиндирго пикру гьечIев, чияраб такрар гьабулев чи

ПОПУГА́ТЬ *сов.* цодагьав хIинкъизавизе

ПОПУ´ДРИТЬ *сов.* гьурмада дагьа-макъаб пудра бахине

ПОПУЛЯ´РНО *нареч.* бичIчIуледухъ, гIадатго (*бицине*)

ПОПУЛЯ́РНЫЙ, -ая, -ое 1) бичIчIулеб, гIадатаб хIасилалъул; бичIчIуледухъ, гIадатго бицараб 2) машгъурав 3) киназдаго лъалеб, гIатIидго тIибитIараб

ПОПУСКА́ТЬ[1] *несов. см.* **попусти´ ть**

ПОПУСКА́ТЬ[2] *сов.* дагьаб заманалъ биччазе, хIалтIизабизе; **~ игру́шку немно́го по по́лу** дагьаб мехалъ расанкIо чIарбидасан (*гиризе*) биччазе

ПОПУСТИ´ ТЬ *сов.* биччан тезе, *щибниги* гьабизе гьукъунгутIизе

ПО-ПУСТО́МУ *нареч. устар.* гIадада; **он ~ заде́рживает вас** дос нуж гIадада кколел руго

ПО́ПУСТУ *нареч.* гIадада, пайда гьечIого; **не тра́тить вре́мени ~** заман гIадада хвезабунгутIизе

ПОПУ´ТАТЬ *сов. разг.* къосинавизе, квешаб жо гьабизе тIамизе, итизавизе, квешлъиялде гьетIизавизе

ПОПУТЕШЕ́СТВОВАТЬ *сов.* дуниял бихьизе сверизе ине

ПОПУ´ТКА *ж прост.* нухдасан нилъее хIажатаб рахъалдехун унеб машина

ПОПУ´ТНО *нареч.* **1.** гьелдаго цадахъ; **зада́ть вопро́с ~** гьелдаго цадахъ суалги кьезе 2. нухдасан унаго (*нухдасан*)

ПОПУ́ТН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*в одном направлении*) цо рахъалде унеб, буссараб (*сунданиги, лъиданиги цадахъ*), цогидал унеб рахъалде унеб; **~ый ве́тер** *сунданиги* цадахъ цо рахъалде пулеб гьури 2) (*сопутствующий*) аслиялда цадахъ букIунеб, цадахъаб; **~ вопро́с** аслиялда цадахъ бугеб (борхараб) суал

ПОПУ´ТЧИК *м* 1) (*спутник*) нухлул гьалмагъ, сапаралда цадахъ ккарав чи, сапарцадахъ 2) *перен.* попутчик, заманалъ политикияб багъа-бачариялда гьоркьове ккарав чи; **~ револю´ции** заманалъ революциялда цадахъ вукIарав чи

ПОПУ´ТЧИЦА *ж* нухлул гьалмагъ, сапарцадахъ, сапаралда цадахъ ккарай гIадан

ПОПЫТА́ТЬ *сов. что, чего разг.* хIал бихьизе, кин кколаян бихьизе ◊ **~ сча́стья** талихIалъул хIал бихьизе (талихI кколищан бихьизе)

ПОПЫТА́ТЬСЯ *сов.* хIал бихьизе, къасд гьабизе, жигар бахъизе; **~ уе́хать** ине къасд гьабизе

ПОПЫ´ТК//А *ж* хIал бихьи, къасд гьаби, жигар бахъи; **тще́тная ~а** гIададисеб (*пайда гьечIеб*) хIал бихьи, къасд гьаби; **сде́лать ~у уговори´ть** рази (*мукIур*) гьавизе жигар бахъизе (хIал бихьизе)

ПОПЯ́ТИТЬСЯ *сов.* нахъе-нахъе къазе, нахъаса нахъе вилълъине, ине

ПОПЯ́ТН//ЫЙ, -ая, -ое *разг.* нахъехун балагъараб, нахъбу-ссараб, гIаксахун балагъараб ◊ **идти´ на ~ый (на ~ую)** ккараб разилъиялдаса, кьураб ргIиялдаса инкар гьабизе

ПО́РА *ж* цIакъ гьитIинаб каратI (*масала, тIомолъан гIетI бачIунеб карат1)*, гIетIукаратI

ПОР//А́ *ж* **1**. (*время, период*) заман, мех, гIуж, ригъ, завал; **весе́нняя ~а́** ихдалил гIуж, ихдал заман **2**. *в знач. сказ.:* **~а́ идти´** ине заман щвана; **давно́ ~а́** некIого заман щун бугo ◊ **в са́мую ~у** (*во-время*) жиндир заманалда; **до сих пор**: а) (*до этого времени*) гьанжелъизегIан б) (*до этого места*) гьаб бакIалде щвезегIан; *до тех пор (до того времени)* доб заманалде щвезегIан; **с да́вних пор** цебегоялдаса нахъе; **с каки´х пор?** кидаялдаса нахъе? **с не́которых пор** цо заманалдаса нахъе

ПОРАБО́ТАТЬ *сов.* дагьавго хIалтIизе; *кигIаналиго мехалъ* хIалтIизе; **~ три часа́** лъабго сагIаталъ хIалтIизе

ПОРАБОТИ́ТЕЛЬ *м* чияр гьийин кваналев чи; цогидал лагълъуде ккезарулев чи; *гьел* жиндир кверщаликь ругев чи

ПОРАБОТИ´ ТЬ *сов. кого-что* 1) (*обратить в рабство*) лагъзаллъун гьаризе, лагълъуде сверизаризе 2) *перен. (подчинить своей власти*) кверщаликье рачине

ПОРАБОЩЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **поработи´ть**) 1) лагъзаллъун гьари, лагълъуде сверизари 2) *перен.* кверщаликье рачин

ПОРАВНЯ́ТЬСЯ *сов. с кем-чем* бащалъизе, бащад ккезе; данд ритIун ккезе

ПОРА́ДОВАТЬ *сов. кого-что* вохизавизе

ПОРА́ДОВАТЬСЯ *сов.* вохизе; **~ за това́рища** гьалмагъасдаса вохизе

ПОРАЖА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **порази´ ть(ся)**

ПОРАЖЕ́НЕЦ *м полит.* жиндирго улкаялъул хIукумат, чи рагъда къезе бокьарав, гьединаб политикаялъул рахъ ккколев

ПОРАЖЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **порази´ть**) (*цели*) гIужда щвей, биххизаби **2**. (*военная неудача*) рагъда къей, рагъулъ битIккечIолъи **3**. (*проигрыш*) къей **4**. (*повреждение*) жагъаллъи; **~ зри´ -тельного не́рва** канлъиялъул нерв жагъаллъи 5. виххун хутIи, хIайранлъун ккей ◊ **~ в права́х** ихтияраздаса махIрумлъи

ПОРАЗИ́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое гIажаибаб, тамашояб, гIадан виххун хутIулеб; **~ ое схо́дство** гIажаибаб релълъен; **~ый слу́чай** тамашояб лъугьа-бахъин; **~ая краса́** (*гIадан*) хIайран гьавулеб берцинлъи

ПОРАЗИ´ //ТЬ *сов.* 1) *кого-что* (*убить*) чIвазе 2) *что (нанести удар)* кьаби щвезабизе 3) *кого-что (победить)* къезаризе; **~ть вра́жеские войска́** (**неприя´теля**) тушманасул аскарал къезаризе (аскараздаса бергьине) 4) *кого-что (причинить вред здоровью)* сахлъиялъе зарал гьабизе; жагъаллъизабизе; **туберкулёз ~л ле́гкие** туберкулёзалъ гьуърул жагъал гьаруна 5) *кого-что (удивить)* гIажаиблъизавизе, хIайранлъизавизе, кIудияб асар гьабизе

ПОРАЗИ́ТЬСЯ *сов.* виххун хутIизе, тамашалъизе, гIажаиблъизе, хIикмалъизе

ПОРАЗМЫ´ СЛИТЬ *сов.* лъикI ургъун пикру гьабизе; пикру гьабун бихьизе

ПО-РА́ЗНОМУ *нареч.* батIи-батIияб куцалъ, къагIидаялъ; батIа-батIайиса

ПОРА́НИТЬ *сов. кого-что* лъукъизе, ругъун лъезе; **~ но́гу** бох лъукъизе, бохалда ругъун лъезе

ПОРА́НИТЬСЯ *сов.* ругъун щвезе

ПОРАСТА́ТЬ *несов. см.* **порасти´**

ПОРАСТИ´ *сов. чем* тIад бижизе *(хер, рас*); бижизе; **по́ле поросло́ трава́ми** авлахъалда хер бижун буго

ПОРВА́ТЬ *сов. что* 1) (*разорвать*) бихъизе; **~ костю´ м** костюм бихъизе 2) *с кем-чем (прервать связь)* тIезе, тIезабизе (бухьен тIезе); **~ отноше́ния** гьоркьоблъи тIезе; **~ ни´ тку** кун тIезе 3) (*сорвать всё*) бетIизе, бетIун базе; **~ все цветы´** киналго тIугьдул ретIизе, тIун разе

ПОРВА́//ТЬСЯ *сов.* 1) (*разорваться*) тIун ине; **про́вод ~лся** телалъул квар тIун ана; **пальто́ ~лось** пальто бихъун ана 2) *разг. (прерваться)* гьоркъоб къотIизе (*бухьен*)

ПОРЕДЕ́ТЬ *сов.* лъедерлъизе

ПОРЕ́З *м* **1.** (*по гл.* **поре́зать**) къотIи **2**. (*рана*) къотIараб бакI, ругъун; **~ на руке́** кверда лъураб ругъун; кверзул къотIараб бакI

ПОРЕ́ЗАТЬ *сов.* 1) *что* къотIизе, ругъун лъезе; **~ ру́ку** квер къотIизе, кверда ругъун лъезе 2) *что, чего* къотIизе; **~ хле́ба** чед (*мочIаби гьарун*) къотIизе 3) *кого-что разг. (многих)* хъвехъизе, хъун разе; **~ всех кур, у́ток** киналго гIанкIуял, ордекал хъвехъизе (*хъун разе*)

ПОРЕ́ЗАТЬСЯ *сов.* лъачIого къотIизе, къотIун ине (*жинхъаго*)

ПОРЕКОМЕНДОВА́ТЬ *сов.* 1) *кого щивниги,* лъикIаб къимат кьун, вихьизавизе; лъикIаб къимат кьезе 2) *что и с неопр. (посоветовать)* гIакълу кьезе; малъа-хъвай гьабизе, насихIат гьабизе

ПО́РИСТ//ЫЙ, -ая, -ое гIисинал картIал ругеб, картIахараб; **~ая ко́жа** картIахараб тIом; **~ый чугу́н** бакI-бакIалда гIисинаб гьодорлъи бугеб хъазан

ПОРИЦА́НИЕ *с* бадибчIвай (*гьаби*); гIайиб гьаби; **обще́ственное ~** жамагIаталъул бадибчIвай

ПОРИЦА́ТЬ *несов. кого-что* бадибчIвай гьабизе; гIайиб гьабизе; семизе; *~ чьё-л.* **поведе́ние** *лъил букIаниги* хъвада-чIвади какизе

ПО́РКА[1] *ж* (*по гл.* **поро́ть**[1]) чIалхин (*букъараб жо*)

ПО́РКА[2] *ж* (*по гл.* **поро́ть**[2]) вухи, вакин, кьаби

ПОРНОГРАФИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое порнографиялъул; порнографиялда бухьараб

ПОРНОГРА́ФИЯ *ж* чIужугIаданалъулги бихьинчиясулги гьоркьоблъи къабихIаб, хал гьабизе нечараб, сурараб хIалалда суратазда бихьизаби; *гьедин* рахъарал суратал

ПО́РОВНУ *нареч.* бащадго, бащад гьабун; **раздели´ть ~** бащад гьабун бикьизе

ПОРО́Г *м* 1) рагъумахIу; кIалтIу 2) (*речной*) *гIурул тIиналда гама хьвадизе квалквал гьабулеб* ганчIил ругIел ◊ **за ~** къватIибе; **за ~ом** къватIибехун; рагъумахIуялда нахъехун; **на ~ не пуска́ть** нуцIил кIалтIе виччангутIизе; **с ~а** нуцIил кIалтIасанго (нуцIихъанго)

ПОРО́Д//А *ж* 1) *с.-х.* тайпа; **ло́шадь орло́вской ~ы** орловалъулаб тайпаялъул чу; **хво́йные ~ы** рукIкIби гIадал тIанхал ругел (*накIкIигъотIол*) тайпаби 2) (*категория людей*) тайпа; **богаты́рская ~а** залимаб тайпа; **челове́к осо́бой ~ы** хасаб тайпаялъул чи (инсан) 3) *геол.* минерал; тайпа; **го́рные ~ы** мугIрузул (*мугIрузда рукIунел*) минералал 4) (*о растениях*); **ли́ственная ~а** тIанхал ругеб тайпа

ПОРО́ДИСТ//ЫЙ, -ая, -ое тайпадулаб (*тайпа лъикIаб*); **~ая ло́шадь** тайпадулаб чу

ПОРОДИ́ //ТЬ *сов.* 1) *кого уст. (родить)* гьабизе (гьавизе, гьайизе) 2) *что перен.* бижизабизе; **его́ посту́пок ~л мно́го то́лков** гьес гьабураб ишалъ гIемерал харбал рижизаруна

ПОРОДНИ́ТЬСЯ *сов. с кем* гIагарлъизе, гIагарав чилъун лъугьине

ПОРОЖДА́ТЬ *несов. см.* **породи́ ть**

ПОРОЖДЕ́НИЕ *с* хIасил; щвараб пайда; бижи; **безрабо́тица – ~ капитали́ зма** хIалтIи гьечIолъи (*гьечIого хутIи*) (ккола) капитализмалъул хIасил (*капитализмалъ бижизабураб жо*)

ПОРО́ЖИСТ//ЫЙ, -ая, -ое тIинда чIахIиял ганчIал ругеб; ругIалаби ругеб; **~ое дно** битIараб гьечIеб, ругIалаби ругеб тIину

ПОРО́ЖН//ИЙ, -яя, -ее *разг.* чIобогояб, чIехьараб; **~ий мешо́к** чIобогояб къандалъо ◊ **перелива́ть из пусто́го в ~ее** пайда гьечIеб хIалтIи гьабизе, чIобогояб хабар бицине

ПОРОЖНЯКО́М *нареч. разг.* чIехьон; **грузови́к идёт ~** къайи баччулеб машина чIехьон (*мIад къайи гьечIого*) унеб буго

ПО́РОЗНЬ *нареч.* батIа-батIаго, рикь-рикьун; **жить ~** батIа-батIаго гIумру гьабизе

ПОРО́Й *нареч.* мех-мехалда, цо-цо мехалъ; **~ он быва́л молчали́ в** мех-мехалда гьев вуцIцIун чIолаан

ПОРО́К *м* 1) (*недостаток*) гIунгутIи, гъая, галгъай, гIайиб; **лжи́вость – больша́я ~** гьерсихъанлъи кIудияб гIунгутIи ккола (*буго*) 2) (*физический недостаток*) гIайиблъи, ками; **~ се́рдца** рекIел гIунгутIи (*гъая*) 3) *уст. (разврат)* квешлъи, хъублъи

ПОРОСЁНОК *м* болъонил тIинчI

ПОРОСИ́ТЬСЯ *несов.* тIанчIи гьаризе, къинлъизе (*болъоналъ тIанчи гьаризе*)

ПО́РОСЛЬ *ж* 1) (*молодой лес*) гIолохъанаб рохь 2) (*побеги*) хIохьодасан, кьибилалдасан кIанцIарал чIорал 3) *перен. (молодое поколение)* гIолохъанаб гIел

ПОРО́ТЬ[1] *несов. кого* вухизе, вацIизе; **~ ро́згами** хьопица вухизе; тагIзир гьабизе (кьабизе)

ПОРО́ТЬ[2] *несов. что* чIалхIине; **~ ю́бку** юбка чIалхине

ПОРО́ТЬ[3] *несов. что*: ◊ **~ ерунду́ (чушь, вздор)** чIанда бицине, гIантал жал рицине

ПО́РОХ *м* 1) тункIихер; **безды́ мный ~** кIкIуй букIунареб хер 2) *разг. (вспыльчивый человек)* хехго щин бахъунев чи ◊ **не хвата́ет ~а(~у)** къуват, хIал гIолеб гьечIо; **~у не ню́ хал** рагъде ккечIо, вагъичIо (*жеги харил махI чIвачIо*)

ПОРОХОВНИ́ЦА *ж уст.* тункIихер балеб таргьа, харилъларъар ◊ **есть ещё по́рох в ~х** жеги гулла-хер лъугIун гьечIо (жеги *жигар-жаналда вуго*)

ПОРО́ЧИТЬ *несов. кого-что* 1) (*осуждать*) квешаблъун, гъалатIаблъун, пайда гьечIеблъун рикIкIине; **~ *чью-л.*** **рабо́ту** *лъилниги* хIалтIи какизе, квешаблъун, бегьуларебльун рикIкIине 2) (*позорить*) суризавизе, къватIив чIвазавизе; **~ *чье-л.*** **имя** *лъилниги* цIаралда назаб чIвазе, басра гьабизе, къадру хвезабизе

ПОРО́ЧНОСТЬ *ж* 1) (*безнравственность*) квешлъи, нахъегIанлъи, муруват гьечIолъи, къадру хвей, къадарлъи, адаб гьечIолъи 2) (*ошибочность*) гъалатIаб, мекъаб, хатIаяб букIин; тIекълъи́

ПОРО́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*безнравственный*) квешаб, нахъегIанаб; хьвада-чIвадиялда, рукIа-рахъиналда, яхI-намусалда данде кколаре; адаб гьечIеб, къадараб, къадру хвараб; **~ое поведе́ние** нахъегIанаб, сурараб, квешаб хьвада-чIвади 2) (*ошибочный*) гъалатIаб, мекъаб, хатIаяб

ПОРО́Ш//А *ж* гьанжего-гьанже (*ахIанже*) бараб гIазу, гIазул тIеренаб хъал (*гъалай*); **е́хать по пе́рвой ~е** тIоцебе бараб гIазудасан ине

ПОРОШИ́ТЬ *несов. чаще безл.* гIисинаб гIазу базе (*гIазул гъалай ккезе*), гIазул тIеренаб хъалалъ ракь бацизе

ПОРОШО́К *м* хъури́, порошок (*хIарараб, хъурараб жо*); **зубно́й ~** цаби чурулеб порошок; **приня́ть ~** порошок (*хIарараб дару*) гьекъезе ◊ **стере́ть в ~** хIур гьабизе; щущахъ риххизаризе, хъурун разе (*щивниги, щалниги*)

ПОРО́Ю *нареч. см.* **поро́й**

ПОРТ *м* порт (*гумул чIезе гьабураб бакI)* ◊ **возду́шный ~** аэропорт

ПОРТАТИ́ ВН//ЫЙ, -ая, -ое гьитIинаб, квегIенаб, цадахъ босизе санагIатаб; **~ая пи́ шущая маши́ нка** гьитIинаб (*цадахъ босизе санагIатаб*) хъвадарулеб машинка

ПОРТВЕ́ЙН *м* портвейн (*чагъиралъул къвакIараб тайпа*)

ПО́РТИТЬ *несов. кого-что* 1) (*приводить в негодность*) хвезабизе, ярагъунареблъун гьабизе; **~ стано́к** станок хвезабизе; **~ игру́шки** расанкIаби хвезаризе; **~ зре́ние** берал хвезаризе; **~ здоро́вье** сахлъи хвезабизе 2) (*делать неприятным):* **~ впечатле́ние** *сунцаниги* гьабураб асар хвезабизе; **~ настрое́ние** рекIел хIал (кеп) хвезабизе; **~ отноше́ния** гьоркьорлъаби (*бухьенал*) хвезаризе 3) (*оказывать дурное влияние*) квешаб асар гьабизе (*асаралда гьоркье ккезавизе*), квешлъиялде цIазе; хвезавизе; **~ ребёнка плохи́м воспита́нием** квешаб (*мекъаб*) тарбияги кьун, лъимер хвезабизе

ПО́РТИТ//ЬСЯ *несов.* хвезе; **фане́ра ~ся от сы́ рости** регьелалъ (реччелалъ) фанера хола (*хвезабула*); **мя́ со бы́ стро ~ся** гьан хехго хола (*махIцуна);* **на́ши отноше́ния ста́ли ~ься** нижер гьоркьорлъаби хвезе лъугьана

ПОРТМОНЕ́ *с нескл. уст.* можникI

ПОРТНИ́ХА *ж* ретIел букъулей чIужу, ратIлил местIер; юкъарухъан

ПОРТНО́Й *м* ретIел букъулев чи, ратIлил местIер; вукъарухъан; **мужско́й ~** бихьиназе ретIел букъулев чи, бихьиназул ратIлил устар

ПОРТО́//ВЫЙ, -ая, -ое порталъул; **~ые рабо́чие** порталъул хIалтIухъаби; **~ый го́род** порт бугеб шагьар

ПОРТРЕ́Т *м* 1) портрет (*художникас, скульпторас, фотографас бахъараб, гьабураб цо яги чанго чиясул сурат*) 2) *лит.* литературияб асаралда героясул сипат-сурат ◊ **живо́й ~** кутакалда *лъиданиги* релълъарав

ПОРТРЕТИ́СТ *м* портретал рахъулев художник

ПОРТСИГА́Р *м* папиросазул гъутухъ

ПОРТУГА́ЛЕЦ *м* португалияв

ПОРТУГА́ЛКА *ж* португалияй

ПОРТУГА́ЛЬСКИЙ, -ая, -ое португалиялъул (-зул); **~ язы́ к** португалиязул мацI

ПОРТУГА́ЛЬЦЫ *мн.* португалиял

ПОРТУПЕ́Я *ж воен.* портуфея (*ярагъ борчине хIалтIизабулеб рачел*)

ПОРТФЕ́ЛЬ *м* 1) портфель; **ко́жаный ~** хьвацIил (*лакайдул*) портфель 2) (*должность*) хъулухъ; **мини́ стерский ~** министрасул хъулухъ 3) *перен.:* **~ изда́тельства** басмаханаялда рахъизе ругел асарал (*машинкаялда кьабун хIадур гьарурал*)

ПОРТЬЁРА *ж* портьера, (*бицатаб ххамил гьабураб*) гордабигъ, нуцIидабигъ

ПОРТЯ́ НКА *ж* портянка (хIатIазда жемулеб жо)

ПОРУБИ́ ТЬ *сов.* 1) *что (вырубить)* тIубанго, кинабго къотIизе; **~ все дере́вья** киналго гъутIби къотIизе (къотIун разе) 2) *что, чего (изрубить)* къотI-къотIун базе; **~ мя́са** гьан къотI-къотIун базе 3) *кого-что* (*многих*) хъвехъун, гъурун разе

ПОРУ́ БКА *ж* **1.** (*по гл.* **поруби́ть**) къотIи **2**. рохь къотIараб яги къотIулеб бакI

ПОРУГА́НИЕ *с книж.* хIакъир (инжит, басра) гьави; **отда́ть на ~** хIакъир гьавизе тезе (*кьезе*)

ПОРУГА́ТЬ *сов. кого-что* семизе (*лъиде бугониги*)

ПОРУГА́ТЬСЯ *сов. с кем (поссориться) щивгунниги* семизе, дагIбадизе

ПОРУ́ К//А *ж* тIадевоси; **взять** *кого-л.* **на ~и** *щивниги* тIаде восизе (*жиндирго жавабчилъиялде восизе*), гъоркьчIей гьабизе

ПО-РУ́ ССКИ *нареч.* гIурус къагIидаялъ

ПОРУЧА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **поручи́ ть(ся)**

ПОРУЧЕ́НИ//Е тIадкъай, аманат; **дать** *кому́-л.* **~е** *лъиениги* тIадкъай кьезе; **испо́лнить ~е** тIадкъай тIубазе; **по ~ю** *кого́-л. лъилниги* тIакъаялда рекъон

ПОРУЧИ́ ТЕЛ//Ь *м щивниги* (жинца) тIаде восарав; **по́дпись ~я** жинца тIаде восарасул гъолбас

ПОРУЧИ́ТЬ *сов. кому-чему* 1) *что и с неопр. (вменить в обязанность)* борчлъун, тIадаблъун гьабизе, аманат гьабизе; ~ *кому-л.* **доста́вить письмо́** кагъат щвезабизе *лъиениги* аманат гьабизе 2) *кого-что (вверить)* божилъи гьабизе; тIад къазе; ~ **детей́** *кому-л.* лъимал *лъиданиги* тIад къан (*божилъи гьабун*) тезе

ПОРУЧИ́ТЬСЯ *сов. за кого-что кинаб бугониги* борч, жавабчилъи тIаде босизе

ПО́РУЧНИ *мн.* (*ед.* **по́ручень**) (*квералъ кквезе бугеб*) гIер, мокъ, квар; **держа́ться за** ~ гIер, мокъ кквезе (*автобусалда, тролейбусалда, болъода*)

ПОРХА́//ТЬ *несов.* бигьаго (*цо бакIалдаса цогиялъубе*) боржине; **пти́ца ~ет по ве́ткам** хIинчI гIаркъалабазда бигьаго боржанхъулеб буго 2) *перен.* бигьааяб, ургъел гьечIеб гIумру гьабизе

ПОРЦИО́НН//ЫЙ, -ая, -ое порцияби, бутIаби гьарураб, бутIабазде бикьараб

ПО́РЦИ//Я *ж* бутIа; порция, **две ~и котле́т** котлетазул кIиго порция

ПО́РЧА *ж* **1.** (*по гл.* **по́ртить**) хвезаби **2.** (*по гл.* **по́ртиться**) хвей; ~ **зре́ния** берзул канлъи ин (*загIиплъи, хвей*) **3.** (*в поверях*) берккей, чияр кIалалдалъун къварилъи ккей

ПО́РШЕНЬ *м* поршень (*моторалъул, насосалъул*)

ПОРЫ́ В[1] *м* 1) туркIи, циндаго кутаклъи; речIчIун бачIин; ~ **ве́тра** гьури циндаго кутаклъи, речIчIун бачIин 2) (*подъём*) цебетIей, туркIи́; **трудово́й** ~ хIалтIул цебетIей; шавкъ бачIин

ПОРЫ́ В[2] *м* (*по гл.* **порва́ться**) тIей; тIураб бакI

ПОРЫВА́ТЬ *несов. см.* **порва́ть**

ПОРЫВА́//ТЬСЯ *несов.* 1) жигар, хIаракат бахъизе; **~ться вперёд** церехун ине хIаракат бахъизе 2) туркIи́ лъугьине 3) тIезе, батIалъизе

ПОРЫЖЕ́Л//ЫЙ, -ая, -ое тIогьилкьераб, тIогьиллъараб, тIогьилаб кьер чIвараб; **~ая трава́** тIогьиллъараб хер; **~ый воротни́к** тIогьилаб кьер чIвараб (*гурдил*) габур

ПОРЫЖЕ́ТЬ *сов.* тIогьиллъизе

ПОРЫ́ТЬСЯ *сов. разг.* гелгедизе, ваккаризе, хъирщадизе (*хъирщун балагьизе*); ~ **в чемода́не** чемоданалъув гелгедизе ◊ ~ **в па́мяти** ракIалде щвезабизе (*бачIинабизе*)

ПОРЯ́ ДКОВ//ЫЙ, -ая, -ое иргадул(аб); **~ый но́мер** иргадулаб номер ◊ **~ое числи́ тельное** иргадул рикIкIен

ПОРЯ́ ДКОМ *нареч. разг.* 1) (*очень*) цIакъ, лъикIго, гIезегIан; **я** ~ **уста́л** дун лъикIго свакана 2) (*как следует*) лъикIаб куцалда; **он ничего́** ~ **не сде́лал** гьес лъикIаб куцалда (букIине ккколеб куцалъ) щибниги гьабичIо

ПОРЯ́ Д//ОК *м* 1) низам, гIадлу-низам; **привести́ в ~ок** низамалде бачине; **соблюда́ть ~ок** гIадлу-низам цIунизе 2) (*последовательность*) ирга, тартиб; **алфави́тный ~ок** алфавиталъул тартиб 3) (*обычай, обыкновение*) гIадат; **по заведённому ~ку** чIезабураб гIадаталда рекъон 4) (*правила, способ*) къагIида; **~ок голосова́ния** гьаракь кьеялъул (*кьолеб*) къагIида, низам 5) *воен.* низам; **боево́й ~ок** рагъулаб низам 6) (*свойство, качество*) хасият, тIабигIаталъул (*хасияталъул*) лъугьа-бахъинал; **явле́ния одного́ ~ка** цого хасияталъул лъугьа-бахъинал

ПОРЯ́ДОЧНО *нареч.* 1) (*честно*) намус бацIцIадго, намусалда, ракI бацIцIадго, ритIухъго, гьумер хъахIго; **вести́ себя́** ~ намус бацIцIадго хьвадизе (*гIумру гьабизе*) 2) (*много, сильно*) гIемер, цIакъ; **идти́ ещё** ~ жеги гIемер (*манзилалъ*) ине; **уста́л** ~ цIакъ свакана

ПОРЯ́ ДОЧНОСТЬ *ж* намус бацIцIалъи, муруватлъи (муруват буголъи)

ПОРЯ́ ДОЧНЫЙ, -ая, -ое 1) намус бацIцIадав, ракI бацIцIадав, муруватав; ~ **челове́к** намус бацIцIадав чи, муруват бугев чи 2) *разг. (довольно большой)* гIезегIан кIудияб; ~ **за́работок** гIезегIан кIудияб харж; **моро́з** ~ гIураб цIорой

ПОСАДИ́ ТЬ *сов.* 1) *что* чIезе; ~ **де́рево** гъветI чIезе; ~ **цветы́** тIугьдул чIезе 2) *кого-что (усадить)* гIодов чIезавизе; рекIинавизе; рещтIинабизе; ~ **за стол** столалда нахъа гIодов чIезавизе; ~ **на парохо́д** гамида рекIинавизе; ~ **на дие́ту** диетаялда лъезе; ~ **самолёт** самолёт рещтIинабизе 3) *кого-что (подвергнуть заключению*) жанив тIамизе 4) *что разг.* лъезе; ~ **пятно́ на соро́чке** гурдида ланг лъезе ◊ ~ **на ше́ю** *кому-л.* хьихьизе, тIалаб-агъаз гьабизе тIамизе (*лъилниги)*

ПОСА́ДК//А *ж* **1.** (*по гл.* **посади́ ть**) чIей; **~а карто́шки** картошка чIей **2**. *мн.* **~и: молоды́е ~и** цIидасан чIарал гIолохъанал гъутIби **3**. (*на транспорт*) рекIин; **~а на по́езд** поездалда рекIин, рекIинари, рекIине риччай **4**. *ав.* рещтIин; **~а самолёта** самолет рещтIин; **вы́нужденная ~ка** рес къотIун, гIодоб рещтIин (*рещ-тIине ккей*)

ПОСА́ДОЧН//ЫЙ, -ая, -ое 1) *с.-х.* чIезе бугеб, чIезе хIадур гьабураб; **~ые рабо́ты** *щибниги* чIолаго, гьарулел хIалтIаби; **~ый карто́фель** чIезе бугеб картошка 2) (*для посадки на поезд и т.п.*) рекIине къваригIунеб (*билеталда цадахъ кьолеб талон*) 3) *ав.* самолёт рещтIунеб; **~ая площа́дка** самолёт рещтIунеб байдан

ПОСА́ПЫВА//ТЬ *несов. разг.* сунсудизе, сванхезе; **спать, ~я** сванхолаго кьижизе

ПОСВА́ТАТЬ *сов. кого (яс)* абизе, яс кьезе къотIи-къай гьабизе

ПОСВЕЖЕ́ТЬ *сов.* 1) (*стать прохладнее*) гьогьомизе, гьогьен рехизе 2) (*о человеке*) лъикI лъугьине, цIилъи чIвазе

ПОСВЕТИ́ ТЬ *сов. кому* 1) (*светить некоторое время*) канлъи кьезе, кунчIизе, гвангъизе 2) (*осветить что-л.*) кунчIизабизе, гвангъизабизе

ПОСВЕТЛЕ́//ТЬ *сов.* канлъи рехизе, биччазе, гвангъизе, кунчIизе; **~ло** канлъи рехана (*кунчIана*), рогьел рехана

ПОСВИ́ СТЫВАТЬ *несов.* зама-заманалдасан гьаругьин, гIисинккун гьешtIезе

ПО-СВО́ЕМУ *нареч.* 1) (*по своему мнению*) жиндирго къагIидаялъ, жиндирго пикруялда рекъон 2) (*по своему желанию*) жиндиего бокьун

ПОСВЯТИ́ ТЬ *сов.* 1) *кого во что (осведомить о чём-л. тайно*) балъго *лъиданиги щибниги* бицине (рагьизе), балъгояб рекIел дард *лъиданиги* бицине 2) *что кому-чему (труд, время)* захIмат, заман *лъиениги, сундуениги* кьезе (*хвезабизе*); ~ **свою́ жизнь рабо́те** гIумруго хIалтIуе кьезе (гIумру хIалтIулаго инабизе) 3) *кого во что уст. и церк. (возвести в сан*) гьавизе, цIар кьезе; ~ **в ры́ -цари** рыцарлъун гьавизе, рыцарасул цIар кьезе 4) савгъат гьабизе

ПОСВЯЩА́ТЬ *несов. см.* **посвяти́ ть**

ПОСВЯЩЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **посвяти́ ть**) 1) кIодо гьави, цIар кьей 2) асаралъул байбихьуда яги цеберагIиялда авторас гьеб лъил хIурматалда хъван бугебали бихьизаби (сайигъат гьаби)

ПОСЕ́В *м* **1.** (*по гл.* **посе́ять**) рекьи, рекьари; **сро́ки ~а** рекьи гьабулеб (*байбихьулеб*) заман, рекьул гIуж 2. (*то, что посеяно*) бекьараб жо; бекьараб бакI; **ози́ мые ~ы** хаслихъе рекьарал жал

ПОСЕВН//О́Й, -а́я, -о́е **1.** рекьул, бекьулеб; бекьизе бугеб; **~а́я пло́щадь** бекьулеб ракь; **~а́я кампа́ния** рекьул кампания **2**. *в знач. сущ.* **~ая** *ж* рекьи; рекьи гьабулеб (рекьул) заман

ПОСЕДЕ́//ТЬ *сов.* хъахIлъизе; **во́лосы ~ли** рас хъахIлъун буго

ПОСЕЛЕ́Н//ЕЦ *м* 1) гочинавун вачIарав чи; **пе́рвые ру́сские ~цы в Сиби́ри** Сибиралда тIоцересел гочун рачIарал гIурусал 2) *уст. (сосланный)* (хIалица) бид виххун (цоги ба-кIалде) витIарав чи

ПОСЕЛЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **посели́ ть**) гочинари **2**. (*по гл.* **посели́ ться**) гочин **3**. (*населённый пункт*) росу **4**. *уст.* бид риххун ритIи; гIумру гьабизе хIалица цоги бакIалде ритIи; **отпра́вить на** ~ бид риххун ритIизе; гIумру гьабизе хIалица цоги бакIалде гочинаризе

ПОСЕЛИ́ТЬ *сов.* 1) *кого-что* гIумру гьабизе бакI кьезе; вахъинавизе; ~ **в но́вую кварти́ру** цIияб рокъове (*рукъзабахъе*) вахъинавизе 2) *что перен.* бижизабизе, ккезабизе; ~ **вражду́ ме́жду друзья́ ми** гьудулзабазда гьоркьоб тушманалъи бижизабизе, кьал ккезабизе

ПОСЕЛИ́ТЬСЯ *сов.* вахъине, гочине, чIезе; ~ **в дере́вне** гIумру гьабун, росулъ чIезе; ~ **на но́вом ме́сте** цIияб бакIалда, гIумру гьабун, чIезе; цIияб бакIалде вахъине, гочине

ПОСЕЛКО́ВЫЙ, -ая, -ое, посёлокалъул; ~ **сове́т** посёлокалъул (*росдал*) совет

ПОСЁЛОК *м* посёлок (*шагьаралъул къагIидаялъ цIибараб гьитIинаб росу*); **рабо́чий** ~ хIалтIухъабазул посёлок

ПОСЕЛЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **посели́ ть(ся)**

ПОСЕРЕБРИ́ТЬ *сов. что* гIарцул лъим кьезе, тIаде гIарац биччазе; ~ **ло́жки** балхъазде гIарац биччазе

ПОСЕРЕДИ́ НЕ *нареч. и предлог с род. п.* бакъулъ, гьоркьоб (*бакъулъан, гьоркьосан);* **разре́зать** ~ бакъулъан къотIизе; ~ **ко́мнаты** рукъ бакъулъ

ПОСЕТИ́ТЕЛ//Ь ишалъ, къваригIелалъ тIаде вачIарав чи; **постоя́ нный ~ль теа́тра** кидаго (*гьоркьоса къотIичIого*) театралде хьвадулев чи; **приём ~ей** ишалъ рачIарал чагIи тIаде къабул гьари

ПОСЕТИ́ТЬ *сов. кого-что* щвезе, ине; ~ **знако́мого** лъале-хъвалесухъе щвезе; ~ **больно́го** унтарасде щвезе, унтарасухъе ине; ~ **музе́й** музеялде ине

ПОСЕ́ТОВАТЬ *сов.* 1) *на кого-что (пожаловаться)* гIарзал рахъизе, гьаризе; рази гьечIолъи загьир гьабизе 2) (*поскорбеть*) пашманлъизе, пашманлъи загьир гьабизе; къварилъизе

ПОСЕЩА́ЕМОСТЬ *ж* 1) рачIен 2) рачIаразул къадар

ПОСЕЩА́ТЬ *несов. см.* **посети́ ть**

ПОСЕЩЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **посети́ ть**) щвей, ин; ~ **больно́го** унтарасухъе щвей, ин; ~ **ле́кций** лекциязде ин (*хьвади*)

ПОСЕ́//ЯТЬ *сов. что* 1) бекьизе, хьазе (*байбихьизе*); **~ять пшени́цу** ролъ бекьизе (хьазе) 2) *перен. разг.* бекьизе; **~ять вражду́** тушманлъи бекьизе, тIибитIизабизе 3) *разг. (потерять)* тIагIине, рилизе ◊ **что ~ешь, то и пожнёшь** бекьараб гурони, лъилълуларе (*хьараб гурони лъилълуларе*)

ПОСИДЕ́ТЬ *сов.* дагьаб мехалъ гIодов чIезе; ~ **в гостя́х** дагьаб мехалъ гьоболлъухъ гIодов чIезе

ПОСИ́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое ресалда рекъараб, хIал кIолеб (*кIвараб*); **оказа́ть ~ную по́мощь** кIвараб кумек гьабизе

ПОСИНЕ́ТЬ *сов.* хъахIиллъизе; ~ **от хо́лода** квачан (квачаялъ) хъахIиллъизе

ПОСКАКА́//ТЬ *сов.* 1) (*скакать некоторое время*) (*кигIаналиго заманалъ*) кIанцI-кIанцIун ине; биччан чугун ине 2) (*начать скакать*) кIанцI-кIанцIун ине, бекерун (биччан) ине байбихьизе; **ло́шади ~ли** чуял рекерун ана; **~ть на одно́й ноге́** цо бохида кIанцIун-кIанцIун ине

ПОСКОЛЬЗНУ́//ТЬСЯ *сов.* хъущтIизе (*хIemIe*), хъущтIун ине; **он ~лся и упа́л** гьев хъущтIана ва гIодов ккана

ПОСКО́ЛЬКУ *союз*: (-лъул): ~ **ты согла́сен, мы уе́дем сейча́с же** мун разияв вугелъул, ниж гьабсагIатго ина

ПОСКОРЕ́Е *нареч.* хехго, хехлъи гьабун, гIедегIел гьабун

ПОСКРИ́ПЫВА//ТЬ *несов.* кьирщи, цIир-цIири бахъине; **поло́зья ~ют по сне́гу** гIаздасан унаго, чанагъаз кьирщи бахъинабулеб буго

ПОСКУПИ́ ТЬСЯ *сов.* барахщизе

ПОСЛАБЛЕ́НИ//Е *с* загIиплъи, хьадарлъи

ПОСЛА́Н//ЕЦ *м* вакил, витIунчи; **~цы наро́да** халкъалъул вакилзаби

ПОСЛА́НИЕ *с* 1) кагъат (*лъидехунниги кагътидалъун гьабулеб калам; пачалихъалъул бетIерас, жамгIияв хIаракатчияс цогидазухъе битIулеб официалияб хитIаб*) 2) *лит.* кагъат хIисабалда хъараб литературияб асар-хитIаб 3) *устн. и ирон.* рисалат; **любо́вное** ~ рокьул рисалат

ПОСЛА́ННИК *м дип.* посланник (*цо пачалихъалъ цогиялде витIарав дипломатияв вакил*)

ПОСЛА́ТЬ *сов. кого-что и без доп.* витIизе; ~ *кого́-л.* **в магази́н** *щвниги* тукаде витIизе; ~ **учи́ться** цIализе витIизе; ~ **письмо́** кагъат битIизе

ПО́СЛЕ 1. *нареч.* хадуб, цинги, нахъа; **об э́ том поговори́ м** ~ гьелъул хIакъалъулъ (хабар) цинги бицина **2**. *предлог с род. п.* хадуб; **пришёл ~ всех** киназдасаго хадув вачIана; **я не ви́ дел его́ ~ возвраще́ния** тIад вуссун хадув (тIад вуссараладаса) дида гьев вихьичIо

ПОСЛЕВОЕ́НН//ЫЙ, -ая, -ое рагъда хадусеб; **~ые го́ды** рагъда хадусел сонал

ПОСЛЕ́ДКИ *мн. разг.* хутIелал

ПОСЛЕ́ДН//ИЙ, -яя, -ее **1.** 1) (*конечный*) ахирияб, ахирисеб, тIарамагъадисеб; **~ий дом** ахирисеб мина́; **~ий в о́череди** очередалда (*иргаялда*) тIарамагъадисев; **в ~ий раз** ахирисеб (тIарамагъасеб) нухалъ; **на ~ем уро́ке** ахирисеб дарсида 2) (*самый новый*) ахирисеб, бищунго цIияб; **~яя мо́да** бищунго цIияб, ахирисеб мода; **~ие изве́стия** ахирисел харбал 3) (*самый плохой*) бищунго къадараб, хIакъираб, лайикъаб, нахъегIанаб; **изруга́ть ~ими слова́ми** бищунго хIакъирал ргIабиги абун семизе 4) (*предсмертный*) хвалда цебесеб; **~яя во́ля** хвалда цебесеб (ахирисеб) мурад 5) (*окончательный*) ахирисеб; **~ее сло́во** ахирисеб ргIи **2**. *в знач. сущ.* **~ее** *с* ахирисеб; **отда́ть ~ее** ахирисебги кьезе ◊ **~ий путь** абадияб (вуссунареб) сапар

ПОСЛЕ́ДОВАТЕЛЬ *м* хадув вилълъунев чи, нахъвилълъунев чи, *лъилниги* (*гIелмияб*) нух кколев чи

ПОСЛЕ́ДОВАТЕЛЬНО *нареч.* тартибалда; гьоркьоса къотIичIого, тIечIого

ПОСЛЕ́ДОВАТЕЛЬНОСТЬ *ж* 1) (*упорядоченность*) тартиб буголъи (*букIин*); ~ **сме́ны времён го́да** лъагIалил заманаби хисиялъул тартиб букIин 2) (*логичность*) ~ **в рассужде́ниях** пикру гьабиялъулъ гIакълуялда дандеккей (*рекъей*) букIин

ПОСЛЕ́ДОВАТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*следующий за другим*) цоцада хадуб тартибалда бачIунеб, гьабулеб; хадуб-цебе лъугьунеб, тартибалда унеб 2) (*логичный*) пикруялда данде кколеб, рекъон бачIунеб

ПОСЛЕОБЕ́ДЕННЫЙ, -ая, -ое къадекванда хадусеб; ~ **сон** къадекванда хадусеб макьу (макьил гьаби, кьижи)

ПОСЛЕРОДОВО́Й, -ая, -ое лъимер гьабун хадусеб; ~ **пери́ -од** лъимер гьабун хадусеб заман

ПОСЛЕСЛО́ВИЕ *с* хадурагIи

ПОСЛО́ВИЦ//А *ж* кици; **войти́ в ~у** кицилъун лъугьине

ПОСЛУЖИ́ //ТЬ *сов.* 1) *чем (явиться)* букIине, ккезе; **э́ то ~ло причи́ ной нея́ вки** вачIунгутIиялъе гIилла гьеб ккана 2) (*некоторое время*) заманалъ хъулухъ гьабизе

ПОСЛУЖНО́Й, -а́я, -о́е: ~ **спи́ сок** гьарурал хъулухъазул сияхI хъвараб даптар

ПОСЛУША́НИЕ *с* мутIигIлъи, абуралъухъ гIенекки, гIинтIами

ПОСЛУ́ ША//ТЬ *сов. кого-что* 1) гIенеккизе, гIин тIамизе; **~ть певца́** кочIохъанасухъ гIенеккизе 2) (*повиноваться*) мутIигIлъизе; **~й!** мутIигIлъе!

ПОСЛУ́ШАТЬСЯ *сов. кого-что* малъараб гьабизе, гIин тIамизе

ПОСЛУ́ ШНО *нареч.* мутIигIго

ПОСЛУ́ ШНЫЙ, -ая, -ое мутIигIаб, малъараб гьабулеб; ~ **ребёнок** мутIигIаб, малъараб гьабулеб лъимер

ПОСЛЫ́ ШАТЬ *сов.* ргIизе

ПОСЛЫ́ША//ТЬСЯ *сов.* 1) ргIизе лъугьине; **~лись шаги́** хIатIил гьаракъ ргIизе лъугьана 2) *казаться*: **мне ~лся его́ го́лос** дида гьесул гьаракъ ргIулеб бугилан кколеб букIана

ПОСМА́ТРИВАТЬ *несов.* гьоркьо-гьоркьоб хал-шал (балагъалагьи) гьабизе; ~ **по сторона́м** рахъ-рахъалде хал-шал гьабизе

ПОСМЕ́ИВАТЬСЯ *несов.* 1) (*время от времени смеяться*) зама-заманалдасан велъизе 2) (*над кем-чем) сунданиги-лъиданиги* тIад велъизе

ПОСМЕ́ННО *нареч.* сменаби гьарун (цояз цоял хисун); **рабо́тать** ~ сменаби гьарун хIалтIизе

ПОСМЕ́НН//ЫЙ, -ая, -ое сменаялъулаб; цояз цоял хисун, гьабулеб; **~ая рабо́та** сменаби ккун гьабулеб хIалтIи; сменаялъул заманалда гьабулеб хIалтIи

ПОСМЕ́РТНО *нареч.* хун хадуб

ПОСМЕ́РТН//ЫЙ, -ая, -ое хун хадуб гьабураб, хун хадусеб; **~ое изда́ние** хун хадуб бахъараб басма (*тIехь*)

ПОСМЕ́//ТЬ *сов. с неопр.* кIвезе, таваккал гIезе; **я не ~л отказа́ть** инкар гьабизе дир таваккал гIечIо (*дида инкар гьабизе кIвечIо*)

ПОСМЕ́ШИЩЕ *с* жинда тIад гIадамал релъулев чи; релъизесеб жо гьабулев чи; **он стал всеобщим ~м** гьев киналго тIад релъулев чилъун лъугьун вуго

ПОСМЕЯ́ТЬСЯ *сов.* 1) (*смеяться некоторое время*) *кигIанали мехалъ* велъанхъизе 2) (*подшутить*) махсара гьабун *лъиданиги* тIад велъизе; махсараде кквезе

ПОСМОТР//Е́ТЬ *сов. что* 1) *без доп.* валагьизе; **~е́ть в окно́** гордухъан валагьизе; **~еть пье́су** пьесаялъухь валагьизе 2) (*не принять во внимание*) хIисабалде босичIого (кIвар кьечIого, хал гьабичIого), тезе; **я не ~ю́ , что ты большо́й** мун кIудияв вукIин дица хIисабалде босичIого тела ◊ **~им!** хал гьабилаха цо, бихьилаха цо!

ПОСМОТРЕ́ТЬСЯ *сов.: ~* **в зе́ркало** *кигIаналиго заманалъ* матIуялъуве валагьун вукIине

ПОСО́БИ//Е *с* 1) (*денежная помощь*) гIарцулаб кумек; **~я многодётным матеря́ м** лъимал гIемерал улбузе гьабулеб гIарцулаб кумек 2) (*учебник*) учебник, цIалул тIехь 3) (*предмет, необходимый при обучении*) лъай кьеялъе кумекалъе хIажалъулеб предмет (*таблицаби, суратал ва гь. ц.)*

ПОСО́БНИК *м неодобр.* кумекчи (*квешаб иш гьабулезул*)

ПОСО́БНИЧЕСТВО *с неодобр.* квешлъи гьабизе кумек гьаби, санагIалъи ккезаби

ПОСОВЕ́ТОВАТЬ *сов. кому с неопр.* гIакълу кьезе

ПОСОВЕ́ТОВАТЬСЯ *сов. с кем* гIакълу данд базе, гIакълу цIехезе

ПОСОДЕ́ЙСТВОВАТЬ *сов. кому-чему (оказать содействие) лъиениги* кумек гьабизе

ПОСО́Л[1] *м дип.* посол (*дипломатияв вакил*)

ПОСО́Л[2] *м* (*засол*) тури, цIамулъим; цIамулъелъе бай; **~ капу́сты** капуста туридулъ лъей (туридулъе бай)

ПОСОЛИ́ТЬ *сов.* 1) *что (положить соль*) цIан базе (тIамизе); **~ суп** чурпадулъе цIан тIамизе 2) *что, чего (заготовить впрок*) *кигIаналиго къадар*, цIанги бан, нахъраталие хIадур гьабун тезе; **~ огурцо́в** охцер нахъраталие хIадур гьабун тезе

ПОСО́ЛЬСКИЙ, -ая, -ое посоласул(аб)

ПОСО́ЛЬСТВО *с* 1) посольство, дипломатияб вакиллъи 2) вакиллъи жаниб чIолел рукъзал

ПО́СОХ *м* гIанса, тIил (*гIунтIулеб*)

ПОСПА́ТЬ *сов.* дагьаб мехалъ кьижизе; **~ по́сле обе́да** къадеквандаса хадув дагьаб мехалъ кьижизе

ПОСПЕВА́ТЬ[1] *несов. см.* **поспе́ть**[1]

ПОСПЕВА́//ТЬ[2] *несов.* 1) *см.* **поспе́ть**[2]**;** 2) жиндир заманалда гьабизе кIвезе; хадуб гъезе; **е́ле ~ть** *за кем-л.* хIалица *лъиданиги* хадув гъезе; **не ~ет запи́ сывать** хъвазе хадув гъолев гьечIо

ПОСПЕ́//ТЬ[1] *сов.* 1) (*созреть*) барщизе; **я́блоки ~ли** гIеч барщун буго 2) *разг. (стать готовым для еды*) хIадурун лъу-гIизе; **обе́д ~л** къадеквен хIадурун лъугIана

ПОСПЕ́ТЬ[2] *сов. (успеть)* кватIичIого щвезе; **~ к по́езду** поездалде кватIичIого щвезе

ПОСРАМИ́ТЬ *сов. кого-что* суризавизе, къабихI гьавизе, басра гьавизе

ПОСРАМЛЯ́ ТЬ *несов. см.* **посрами́ ть**

ПОСРЕДИ́ *нареч. и предлог с род. п.* бакъулъ, гъорлъ, гьоркьоб; **стол стоя́ л ~ ко́мнаты** стол рукъ бакъулъ букIана; **~ у́лицы** къватI бакъулъ

ПОСРЕДИ́ НЕ *см* **посереди́ не**

ПОСРЕ́ДНИК *м* гьоркьохъан

ПОСРЕ́ДНИЦА *ж* гьоркьохъан

ПОСРЕ́ДНИЧАТЬ *несов.* гьоркьохъанлъи гьабизе

ПОСРЕ́ДНИЧЕСТВО *с* гьоркьохъанлъи; маслигIат гьаби, маслигIаталъе гьоркьове лъугьин

ПОСРЕ́ДСТВЕННО 1. *нареч.* гьоркьохъеб хIалалда (*куцалда*); **пи́шет ~** гьоркьохъеб хIалалъ хъвала (*хъвадарула*) **2**. *в знач. сущ. ~ с нескл. (отметка)* гьоркьохъеб къимат (*лъабилаб)*

ПОСРЕ́ДСТВЕННОСТЬ *ж* 1) гьоркьохъеб хIал 2) пагьмугьунар гьечIев чи, чIинкIил

ПОСРЕ́ДСТВЕНН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*средний*) гьоркьохъеб; **~ый отве́т ученика́** цIалдохъанасул гьоркьохъеб жаваб; **~ый писа́тель** гьоркьохъев хъвадарухъан 2) *лъилниги-сундулниги* кумекалдалъун гьабулеб

ПОССО́РИТЬ *сов. кого с кем-чем* къацандизаризе, дагIбадизаризе, гьоркьоблъи бигьинабизе, барщизаризе

ПОССО́РИТЬСЯ *сов. с кем-чем* къацандизе, дагIбадизе, гьоркьоблъи бигьине, барщизе

ПОСУДА *ж* цIарагI

ПОУДОМОЙКА *ж* цIарагI чурулей гIадан; цIарагI чурулеб машина

ПОСТ[1] *м* 1) (*охрана*) хъаравуллъи (*сунданиги-лъиданиги хадуб хал кквезе, цIунизе хъаравулзаби толеб бак1)*; **расста́вить ~** хъаравулзаби тIамизе; кколел бакIазда хъаравуллъи букIинабизе 2) *щибниги цIунизе, хадуб хал кквезе тарав* хъаравул яги хъаравулзаби 3) жавабияб хъулухъ; **~ дире́ктора заво́да** заводалъул директорасул хъулухъ ◊ **стоя́ть на ~ý** жиндаго тIадаб жо, налъи тIубазе

ПОСТ[2] *м рел.* кIа́лкквей

ПОСТА́ВИТЬ[1] *сов.* 1) *кого-что* лъезе, тезе, рекъезабун лъезе; **~ стол к окну́** стол горда аскIоб лъезе; **~ маши́ну в гара́ж** машина гаражалда лъезе 2) *что (осуществить постановку на сцене*) (*пьеса*) лъезе 3) *что (предложить)* лъезе, цебе лъезе; **~ вопро́с** суал цебе лъезе; **~ на голосова́ние** гьаркьие лъезе ◊ **~ пра́вильно часы́** сагIат рекъезабизе; **~ на своём** жиндирабго ккун чIезе; *~ кого-л.* **в изве́стность** цебеккунго лъазабун тезе; **~ на́ ноги** ворчIун ккезавизе, кверчIай гьабун, гIадамалъе вахъинавизе; **~ на коле́ни** накалда лъезе, къезавизе

ПОСТА́ВИТЬ[2] *сов. что (снабдить каким-л. товаром*) *кинаб букIаниги къайиялдалъун* хьезабизе; **~ се́но** харидалъун хьезабизе

ПОСТА́ВКА *ж* хьезаби, кьей, лъей; **~ сырья́ заво́дам** заводазе сырьё (гъарси) кьей, заводал сырьёялдалъун (гъарсиялда-лъун) хьезари

ПОСТАВЛЯ́ ТЬ *несов. см.* **поста́вить**

ПОСТАВЩИ́К *м* поставщик (*гьабураб къотIиялда рекъон къайи кьолев чи яги учреждение (идара)*

ПОСТАМЕ́НТ *м* постамент (*памятникалъул, статуялъул гъоркьбак1)*

ПОСТАНА́ВЛИВАТЬ *несов. см.* **постанови́ ть**

ПОСТАНОВИ́ТЬ *сов. с неопр.* хIукму гьабизе; **~ единогла́сно** киналго разилъун хIукму гьабизе

ПОСТАНОВЛЕ́НИ//Е *с* хIукму; **вы́ нести ~е** хIукму гьабизе (*хIукмуялде рачIине*); **по ~ю** хIукмуялда рекъон

ПОСТАНОВЛЯ́ ТЬ *несов. см.* **постанови́ ть**

ПОСТАНО́ВЩИК *м* постановщик *(театралда, киноялда* пьеса (сценарий) лъеялъе нухмалъи гьабулев чи, режиссёр)

ПОСТАРА́ТЬСЯ *сов. с неопр.* хIаракат бахъизе, хIаракат гьабизе, жигар бахъизе

ПОСТАРЕ́ТЬ *сов.* херлъизе; басралъизе

ПО-СТА́РОМУ *нареч.* цебего гIадин, некIсияб къагIидаялъ; **всё оста́лось ~** кинабго цебего гIадин хутIун буго

ПОСТЕЛИ́ ТЬ *сов. см.* **постла́ть**

ПОСТЕ́Л//Ь *ж* 1) бусен; **убра́ть ~ль** бусен бакIаризе; **постлать ~ль** бусен тIамизе; **встать с ~ли** бусалъа вахъине; **лежа́ть в ~ли** бусалъ вегизе 2) (*спальные принадлежности*) бусен-къайи, бусадул къайи-къоно

ПОСТЕ́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое бусадул; **~ые принадле́жности** бусадул къайи-къоно; **~ый режи́ м** бусадаги вегун цIунулеб (бусадулаб) низам

ПОСТЕПЕ́ННО *нареч.* дагь-дагь ккун

ПОСТЕСНЯ́//ТЬСЯ *сов. кого-чего и с неопр.* нечезе, намуслъизе; **он ~лся подойти́ ко мне** гьев дида аскIове вачIине нечана, намуслъана

ПОСТИГА́ТЬ *несов.,* **пости́ гнуть** *сов. см.* **пости́ чь**

ПОСТИЛА́ТЬ *несов. см.* **постла́ть**

ПОСТИРА́ТЬ *сов. что* чуризе; **~ пла́тье** гурде чуризе

ПОСТИ́ ТЬСЯ *несов.* кIал кквезе

ПОСТИ́ //ЧЬ *сов. кого-что* 1) (*понять*) нахъгIунтIизе, хадув гъезе, бичIчIизе **~чь смысл** магIна бичIчIизе 2) (*случиться*) тIаде щвезе, бачIине; **его́ ~гло несча́стье** гьесде балагь бачIана

ПОСТЛА́ТЬ *сов. что* гIодоб тIамизе, гъоркь тIибитIизе, тIамизе; **~ ска́терть на стол** скатерть столалда тIамизе

ПО́СТН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*без мяса и молока*) гьан-рахь гьоркьоб гьечIеб; **~ый суп** гьан гьечIеб чурпа 2) *разг. (нежирный)* хIалакъаб, беэнлъи гьечIеб; **~ая бара́нина** кьаралъи гьечIеб (*хIалакъаб*) гIиял гьан 3) *перен. разг. (скучный*) чIамучIаб; **~ое лицо́** чIамучIаб гьумер 4) **~ое ма́сло** хурдузул нах

ПОСТОВ//О́Й, -а́я, -о́е I. посталда, хъаравуллъуда вугев; посталъул; **~а́я бу́дка** посталда вугев жанив чIолеб будка, хъаравуласул рукъ; **~о́й милицио́не́р** посталда (*хъаравуллъуда*) вугев ми-

лиционер **2**. *в знач. сущ.* **~о́й** *м* хъаравул; **спроси́ть у ~о́го** хъаравуласда гьикъизе (цIехезе)

ПОСТО́Й *м* мухьдахъ ккураб бакIалда сордо бай, жанир рукIин

ПОСТОРОНИ́ Т//ЬСЯ *сов.* дорегIан къан нух тезе, биччазе; дорегIан къазе; **~есь!** нух биччай! дорегIан къай!

ПОСТОРО́ННЯЯ, -яя, -ее **1.** (*чужой*) чияр, чияраб; **~ие лю́ди** чияр чагIи **2**. цогидаб; **~ие дела́** цогидал (*батIиял*) ишал **3**. *в знач. сущ.* **~ий** *м* чиярав, чияр чи, батIияв чи **4.** *в знач. сущ.* **~яя** *ж* чиярай, чияр чIужу, батIияй чIужу

ПОСТОЯ́ЛЕЦ *м уст.* чияр рукъ ккун яги гостиницаялда (*гьалбал рещтIунеб рокъов*) чIарав чи

ПОСТОЯ́ЛЫЙ, -ая, -ое: **~двор** чуязе, гьаказе азбарги кваназе ашбазги бугеб сордо базе рещтIунеб бакI (*петер*)

ПОСТОЯ́ННО *нареч.* гьоркьоса къотIичIого, кидаго

ПОСТОЯ́ННЫЙ, -ая, -ое 1) (*непрерывный*) гьоркьоса къотIичIеб, тIей гьечIеб 2) (*всегдашний*) кидагосеб; **~ый гость** кидаго вачIунев гьобол 3) (*невременный*) чIараб, хисулареб; **~ое расписа́ние** цо ккураб, чIараб, хисулареб раписание 4) (*твёрдый*) чIара-хьараб; **~ый хара́ктер** чIара-хьараб (*хисулареб*) хасият

ПОСТОЯ́ТЬ *сов.* 1) (*стоять некоторое время*) *кигIаналиго заманалъ* эхетун чIезе; **~ в дверя́х** нуцIил кIалтIа эхетун чIезе 2) *за кого-что (защитить)* цIунизе, рахъ кквезе, хIалае вахъине; **~ за себя́** живго цIунизе 3) (*о погоде*) букIине; **таки́е я́сные дни постоя́т недо́лго** гьадинал роцIарал къоял халат рукIинаро ◊ **посто́й(те)!** чIа, лъалхъе!

ПОСТРАДА́ВШ//ИЙ, -ая, -ее **1.** кьварилъи ккарав, зарал-зиян ккарав **2**. *в знач. сущ.* **~ий** *м* кьварилъи ккарав **3**. *в знач. сущ.* **~ая** *ж* кьварилъи ккарай; **~ие от наводне́ния** лъим кIанцIун кьварилъи ккарал

ПОСТРАДА́ТЬ *сов.* кьварилъи, зарал-зиян ккезе; **~ от пожа́ра** цIадуца зарал-зиян гьабизе

ПОСТРЕ́Л ´ *разг.* чIезе къадар лъугIарав, цо хIалалда чIоларев чи; женкIеро

ПОСТРИГА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **постри́чь(ся)**

ПОСТРИ́ ЧЬ *сов. кого-что* къунцIизе; **~ во́лосы** рас (*катIари*) къунцIизе; **~ но́гти** малъал къунцIизе (*къотIун къокъ гьаризе*)

ПОСТРИ́ЧЬСЯ *сов.* къунцIизе (*жиндирго*); **~ в парикма́херской** парикмахерскаялда (*даллакханаялда*) бетIер къунцIизе

ПОСТРОЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **постро́ить**) гIу́цIи; **~ коммунисти́ческого о́бщества** коммунистияб общество гIуцIи́ **2**. (*конструкция*): **~ предложе́ния** предложениялъул гIуцIи́ **3**. *кого-что воен.* кьерда чIезари; кьерда чIолеб къагIида

ПОСТРО́ИТЬ *сов.* 1) *что* базе, гIуцIизе; **~ шко́лу** школа базе 2) *что (сконструировать):* **~ предложе́ние** предложение гIуцIизе (*рагIабаздасан)* 3) *кого-что воен*: **~ полк** полк кьерда чIезабизе

ПОСТРО́ИТЬСЯ *сов.* 1) *разг.* (*выстроить себе дом*) жиндиего мина (рукъ) бан лъугIизабизе 2) (*стать в строй*) кьерда чIезе

ПОСТРО́МКА *ж* чIоло-квара (*хомуталдасан гьакиде унеб квар-гIарщ*)

ПОСТСКРИ́ ПТУМ *м* поскриптум (*хъван лъугIараб кагътида тIаде гьабураб жубай; гьелда цебе хъвала латын алифалъул кIиго хIарп : **p.s.***)

ПОСТУ́КИВАТЬ *несов.* зама-заманалдасан кIутIизе, кIутIкIутIизе; **~ молотко́м** квартIа кIутIизе, квартIица кIутIулев вукIине (квартIа кIутIулев вукIине)

ПОСТУПА́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое цебетIеялъулаб; **~ое движе́ние** цебетIеялъулаб (цебе тIун унеб) багъа-бачари

ПОСТУПА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **поступи́ ть(ся)**

ПОСТУПИ́ //ТЬ *сов.* 1) (*сделать*) гьабизе; **он ~л пра́вильно** гьес битIун гьабуна 2) *с кем-чем (обойтись)* **с ним нехорошо́ ~ли́** гьесие квешлъи (*бегьулареб жо*) гьабуна 3) (*устроиться*) лъу-гьине; **~ть на рабо́ту** хIалтIуде лъугьине 4) (*прибыть*) бачIине; **в магази́ н ~ли но́вые кни́ ги** тукаде цIиял тIахьал рачIана (рачIун руго); **~ло заявле́ние** гIарза бачIун буго; **~ть в прода́жу** бичизе бачIине

ПОСТУПИ́ТЬСЯ *сов. чем* жиндиего бокьун, *сундасаниги* инкар гьабизе, нахъе кIанцIун чIезе; **~ свои́ми интере́сами** жиндирго мурадаздаса инкар гьабизе

ПОСТУПЛЕ́НИ//Е *с* **1.** (*по гл.* **поступи́ть**) лъугьин; **~е на рабо́ту** хIалтIуде лъугьин **2.** (*сумма*): **больши́ е ~я в банк** банкалде бачIараб кIудияб гIарцул къадар (гIемераб гIарац)

ПОСТУ́ ПОК *м лъица бугониги* ургъунго гьабураб, лъалаго гьабураб, цо къасдалда гьабураб иш; **сме́лый ~** бахIарчияб иш; **безрассу́дный ~** ахIмакъаб, тохаб иш

ПО́СТУПЬ *ж* 1) рилъгьин, хIетIе босулеб куц; **велича́вая ~** чIухIараб (*гьайбатаб*) рилъгьин 2) *перен.* цебе ин, цебетIей; **побе́дная ~** бергьенлъиялъулаб цебетIей (*цебе ин*)

ПОСТУЧА́ТЬ *сов. что, по чему, чем и без доп.* кIутIизе; **~ в дверь** нуцIида кIутIизе

ПОСТУЧА́ТЬСЯ *сов. во что кигIаналиго заманалъ* кIетIолев вукIине (кIетIезе); **~ в окно́** горда кIетIезе

ПОСТФА́КТУМ *нареч. щибниги* лъугIун, лъугьун хадуб

ПОСТЫДИ́ ТЬ *сов. кого разг. (слегка)* нечезавизе; **~ шалуна́** гогьма нечезавизе

ПОСТЫДИ́ ТЬСЯ *сов. кого-чего и с неопр.* нечезе

ПОСТЫ́ ДН//ЫЙ, -ая, -ое ничаб, нечезе ккараб; **~ая ложь** нечезе ккараб гьереси

ПОСТЫ́ ЛЫЙ, -ая, -ое рокьукъаб, сурараб, рихараб

ПОСУ́ДА *ж* 1) *собир.* цIарагI; **ку́хонная ~** богорукъалъул цIарагI; **ча́йная ~** чайдул цIарагI 2) *разг. (сосуд*) шиша; баллон; банка

ПОСУД//И́ ТЬ *сов.: **~и сам*** дуцаго пикру гьабун бихьеха, дуцаго къимат кьеха

ПОСУ́ ДНЫЙ, -ая, -ое цIарагIалъул, цIарагI лъолеб; **~ шкаф** цIарагI лъолеб шкаф

ПОСУЛИ́ТЬ *сов. кого-что кому и с неопр.* къотIи гьабизе, рагIи кьезе

ПОСУ́ТОЧНО *нареч.* щибаб мехелалъул (сордо-къоялъул) хIисаб гьабун

ПОСУ́ ТОЧНЫЙ, -ая, -ое мехелалъул (*сордо-къоялъул*) хIисабалда бугеб; мехалал рикIкIун гьабулеб, кьолеб

ПОСЧАСТЛИ́ ВИ//ТЬСЯ *сов. безл. кому и с неопр.* талихI кьезе (ккезе), икъбал кьезе (ккезе)

ПОСЧИТА́//ТЬ *сов. кого-что и без доп.* 1) рикIкIине; хIисаб гьабизе; **~ть де́ньги** гIарац рикIкIине 2) *кем-чем, за кого-что разг. (счесть, принять*) рикIкIине, ккезе; **я ~л э́то за вы́думку** дица гьеб ургъун бахъараб жолъун рикIкIана

ПОСЧИТА́ТЬСЯ *сов. с кем-чем* 1) (*рассчитаться*) налъи тIубан бецIизе 2) (*свести счёты*) рецIел босизе, бецIизе 3) (*принять во внимание*) хIисабалде босизе

ПОСЫЛА́ТЬ *несов. см.* **посла́ть**

ПОСЫ́ ЛК//А *ж* **1.** (*по гл.* **посла́ть**) битIи; **~а докуме́нтов по по́чте** документал почалда лъун ритIи **2**. посылка; **получи́ ть ~у** посылка босизе, щвезе ◊ **быть на ~ах** *лъилниги* гIиси-бикъинал тIадкъаял тIуразе (*вортамухIамалъи гьабизе*)

ПОСЫ́ ЛЬНЫЙ *м* гIиси-бикъинал тIадкъаялгун дове-гьаниве витIулев хъулухъчи; витIунчи

ПОСЫ́ ПАТЬ *сов. что* 1) хIуризе; **~ хлеб со́лью** чадиде цIам хIуризе 2) (*усыпать, покрыть*) щвезе, бацизабизе, базе; **~ доро́жку песко́м** нухде сали щвезе (базе)

ПОСЫПА́ТЬ *несов. см.* **посы́ пать**

ПОСЫ́ ПА//ТЬСЯ *сов.* 1) гъине, гъенезе; **ли́ стья ~лись** тIанхал гIодоре гъана 2) *перен. разг.* чвахун ине (рачIине), чвахизе, тIад разе, гIемерлъизе лъугьине; **~лись вопро́сы** гIемерал суалал кьуна (*суалал тIад ран кьолел рукIана*)

ПОСЯГА́ТЕЛЬСТВО *с* цогиясе зарал-зиян гьабизе ракIалде ккей, къасд гьаби; квешаб мурадалде гьеси; **~** *на чьё-л.* **пра́во** *лъил букIаниги* ихтияр гьукъизе къасд гьаби

ПОСЯГА́ТЬ *несов. см.* **посягну́ть**

ПОСЯГНУ́ ТЬ *сов. на кого-что* лъиениги зиян гьабизе ракIалде ккезе; квешаб къасд гьабизе; **~ на чужу́ю жизнь** чияр гIумруялде квешаб къасд гьабизе (*чIвазе ракIалде ккезе*)

ПОТ *м* гIетI; **вытира́ть ~ с лица́** гьурмадаса гIетI бацIцIине; **ка́пли ~а вы́ ступили у него́ на лбу** гьесул надалда гIетIул гарал раккана (кIанцIана); **ка́пли ~а** гIетIул къатIраби (гарал); **холо́дный ~** цIорораб гIетI; **облива́ться ~ом** гIетIулъ восизе, чвахун гIетI базе ◊ **в ~е лица́ труди́ ться** кутакалда, цIакъ тIад чIун, хIалтIизе; **он доби́л э́ то ~ом и кро́вью** гьесие гьеб жиндирго гIетIалъги биялъги (*гIемIги биги тIун*) щвараб буго; **согна́ть**

семь ~о́в захIматаб хIалтIуца рухI бахъизе, кутакалда сваказе, тату хвезабизе

ПОТАЙН//О́Й, -а́я, -о́е балъгояб; балъголъи бугеб; **~а́я дверь** балъголъи бугеб (*ричIизе бажаруларе*б) нуцIа; **~о́й ход** балъгояб нух

ПОТАКА́ТЬ *несов. кому-чему, в чём разг.* тIад рекъезе, уйилан тезе; **~ ребёнку в ша́лостях** лъимадул гогьлъи-гьаглъиялда тIад рекъезе

ПОТАНЦЕВА́ТЬ *сов. что и без доп.* заман кьурдулаго инабизе

ПОТАСО́ВК//А *ж разг.* 1) дагIба-къец, гъалмагъир; дагIба-къецалда рагъи; **ребя́та устро́или ~у** лъималаз (гIолохъабаз) рагъизе (*кьабезе*) байбихьана 2) (*побои в наказание*) тамихIалъе гIоло кьаби, вухи

ПОТАЩИ́ТЬ *сов. кого-что* бехъерхъизе лъугьине; цIан бачине

ПОТАЩИ́ТЬСЯ *сов. разг.* хIинцго ине, хIалицаго галаби рахъизе

ПО-ТВО́ЕМУ *нареч.* 1) (*по твоему мнению*) дур пикруялда рекъон 2) (*по твоему желанию*) дуе бокьухъе 3) (*по твоему совету*) дур малъиялда рекъон

ПОТВО́РСТВО *с* квешалда тIад рекъей; данде чIунгутIи; нух кьей

ПОТВО́РСТВОВАТЬ *несов. кому-чем* квешалда тIад рекъезе, данде чIунгутIизе, нух кьезе

ПОТЁМКИ *мн.* бецIлъи, канлъи гьечIолъи ◊ **чужа́я душа́ –** ~ *посл.* чияр ракIалда бугеб жо бихьулареб (лъалареб)

ПОТЕМНЕ́//ТЬ *сов.* 1) (*стать темнее*) бецIлъизе; **~ть от вре́мени** гIемер заман баялъ бецIлъизе 2) *безл.* бецIлъизе, бецIлъун ине; **в ко́мнате ~ло** рокъоб бецIлъана (*бецIлъун ана*) ◊ **у меня́ в глаза́х ~ло** *безл.* дир бадиса канлъи босун ана

ПОТЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **поте́ть**) гIетI бай

ПОТЕНЦИА́Л *м* къваригIараб механъ кинаб букIаниги мурадалда хIалтIизаризе бегьулел нахърателал, ресал... энергия, потенциал

ПОТЕНЦИА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое потенциалияб, бахчун (бахчараб хIалалда) бугеб, тIатине бегьулеб; бугеблъун чIезабураб, хIисаб гьабураб

ПОТЕ́НЦИЯ *ж щибниги гьабизе* бугеб рес, гуч, гьунар

ПОТЕПЛЕ́//ТЬ *сов. безл.* хинлъизе, бахьизе; **на у́лице ~ло** къватIиб хинлъун буго

ПОТЕРЕ́ТЬ *сов. что* 1) (*растереть*) лъулъазе; **~ виски́ спи́ртом** спирталъ къунщби лъулъазе 2) (*измельчить*) гIисин гьабизе, хIаризе

ПОТЕРЕ́ТЬСЯ *сов.* лъулъазе; лъулъан хIулизе; **пиджа́к потёрся на локтя́х** пиджакалъул (*квалазул*) гIункIрукьал лъулъан хIулун руго

ПОТЕРПЕ́ВШ//ИЙ, -ая, -ее **1.** (*жиндие*) зарал-зиян ккарав **2**. *в знач. сущ.* **~ий** *м* зарал ккарав **3**. *в знач. сущ.* **~ая** *ж* зарал ккарай

ПОТЕРП//Е́ТЬ *сов.* 1) *что* ккезе; **~е́ть убы́тки** зарал ккезе 2*) что и без доп.* (*прояви́ть терпе́ние*) яхI гьабизе; **~и́те немно́го** дагьаб яхI гьабе; **я э́того не ~лю́** дица гьеб хIехьоларо

ПОТЁРТЫЙ, -ая, -ое 1) *разг.* хIулараб (хIул-хIулараб), лъулъан чIикIараб; **~ пиджа́к** хIул-хIулараб пиджак 2) *перен. разг.* (*о лице, виде*) къо бихьараб; къечхьа-гедараб

ПОТЕ́Р//Я *ж* 1) ками, тIагIин, били, зарал ккей; гIадада хвей; **~я вре́мени** заман гIадада хвей; **~я зре́ния** канлъи ин; **до ~и созна́ния** гIакълуялдаса инегIан 2) *мн.* **~и** *воен.* камиял

ПОТЕ́РЯННЫЙ, -ая, -ое 1) (*расстроенный*) низам биххараб; вихха-хочарав 2) *разг. (опустившийся)* иш лъугIарав, хьул къотIарав, чIагого хварав 3) рехун тарав, *лъиениги* хIажат гьечIев; **~ челове́к** чIагого хварав чи, иш лъугIарав чи, жинцаго живго гIодовегIан гьаварав чи

ПОТЕРЯ́ ТЬ *сов.* 1) *кого-что* билизе, тIагIине; **~ ключи́** кIулал рилизе 2) *что перен.* дагьлъизе, камизе, кодоса ине, тIаса ине; **~ в ве́се** цIавулъ камизе; **~ зре́ние** канлъи дагьлъизе; **~ си́ лу** къуват дагьлъизе

ПОТЕРЯ́ ТЬСЯ *сов.* 1) (*пропасть*) билизе, тIагIине 2) *перен. (растеряться)* виххизе, вихха-хочун лъугьине 3) *перен. (исчезнуть*) тIагIун ине, билизе; **~ в толпе́** гIадамазул руккалилъ тIагIун ине (вилизе)

ПОТЕСНИ́ТЬ *сов. кого-что* дагьа-макъаб къварид гьабизе, добегIан къазабизе; **~ проти́вника** тушман нахъегIан къазавизе

ПОТЕСНИ́ ТЬСЯ *сов.* 1) (*подвинуться*) дагьав довегIан къазе 2) (*уплотниться*) цоцада аскIорегIан къазе, къварилъизе, дагьаб бакI кквезе жигар бахъизе; цоцалъ къан рукIине (*кигIаналиго заманалъ*)

ПОТЕ́//ТЬ *несов.* 1) (*покрываться потом*) гIетI базе, гIетIулъ тIерхъине; **~ть от жары́** багIариялъ гIетI базе 2) (*о стекле и т.п.*) гIетI базе; **о́кна ~ют** гордазда гIетI бала 3) *над чем и без доп. перен. (трудиться)* тIад чIун гьабизе, хIалтIизе; гIемер къо би-хьун хIалтIизе; гIетI кIанцIилеб хIалалъ хIалтIизе; **~ть над зада́чей** масъалаялда тIад гIемер хIалтIизе (*ургъизе*) ккезе

ПОТЕ́Х//А *ж разг.* ракIгъей, рекIелгъей, кеп-гIоркь, аваданлъи ◊ **и пошла́ ~а** кеп-гIоркь (аваданлъи) байбихьана

ПОТЕ́//ЧЬ *сов.* 1) чвахизе, чвахизе лъугьине; **~кли́ ручьи́** ихал чвахизе лъугьана

ПОТЕША́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **поте́шить(ся)**

ПОТЕ́ШИТЬ *сов. кого-что* 1) *разг. (повеселить)* ракI гъезабизе, аваданлъи гьабизе 2) (*доставить удовольствие*) лазат, рохел, рахIат гьабизе, вохизавизе, рази гьавизе

ПОТЕ́ШИТЬСЯ *сов. разг. над кем-чем (посмеяться) лъиданиги-сунданиги* тIад релъун рекIелгъей гьабизе

ПОТЕ́ШНО *нареч. разг.* кепалда, аваданлъиялда, релъа-рохун

ПОТИРА́ТЬ *несов. что* лъулъазе, лъулъалев вукIине; **~ ру́ки** кверал лъулъалев вукIине; **~ уши́бленное ме́сто** кьабун, тункун унтараб бакI лъулъазе 2) зама-заманалдасан гьаругьин лъулъазе

ПОТИХО́НЬКУ *нареч. разг.* 1) (*неторопливо*) гьаругьин, хIинцго, гIедегIичIого, бигьа гьабун; **е́хать ~** гIедегIичIого ине 2) (*незаметно*) лъалареб, бихьулареб куцалъ; **уйти́ ~** вихьулареб куцалъ нахъе ине

ПОТЛИ́ ВОСТЬ *ж* цIакъ гIетI бай, гIетI балеб хасият

ПОТЛИ́ В//ЫЙ, -ая, -ое гIетI балеб; **~ые ру́ки** (*цIакъ*) гIетI балел кверал

ПОТНИ́ К *м* тIенкел, терлек (*кьолода гьоркь лъолеб, буртинадул*)

ПО́ТН//ЫЙ, -ая, -ое гIетI бараб; **~ые ру́ки** гIетI барал кверал

ПОТОВ//О́Й, -ая, -ое *анат.* гIетIул; **~ые же́лезы** гIетIул (гIетI кьватIибе баккулел) цIуцIдул

ПОТОГО́НН//ЫЙ, -ая, -ое 1) гIетI базабулеб; **~ое лека́рство** гIетI базабулеб дару 2) *перен.* рухI бахъизабулеб, цIакъ захIматаб

ПОТО́К *м* 1) их; **~и крови́** бидул ихал; **го́рный ~** мугIрул (*магIардасан чвахулеб*) их 2) (*людской*) чвахи 3) *тех. (конвейерная система*) производствоялда гьоркьоса къотIи гьечIого хIалтIулеб, къайи гьабулеб, биччалеб конвеералъулаб система 4) (*группа*) кIудияб къокъа (*иргаялда жидее занятиял гьарулеб*)

ПОТОЛКОВА́ТЬ *сов. с кем разг. сундулниги бицун* дагьаб механъ кIалъа-ралъан рукIине, гара-чIвари гьабизе; **~ о дела́х** ишазул, хIалтIул бицун гара-чIвари гьабизе

ПОТОЛ//О́К *м* 1) мокърукьбакI; **побели́ть ~о́к** мокърукьбакI (*хIахI гьабун*) бохьизе 2) *перен. (предел)* гIурхъи ◊ **взять с ~ка́** мокърукьа босизе, кьучI гьечIого, ракIалде кковухъе бицине, хъвазе

ПОТОЛО́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое мокърукь бугеб; мокърукь балеб

ПОТОЛСТЕ́ТЬ *сов.* вицалъизе

ПОТО́М *нареч.* 1) (*позже*) цинги; **я ~ приду́** дун цинги вачIина 2) (*позади*) хадуб; **мы шли впереди́ , а ~ он** ниж цере (цере-цере) унел рукIана, хадув гьев вукIана

ПОТО́МО//К *м* 1) наслудул чи; **~ Пу́шкина** Пушкинил наслуялъул чи 2) *мн.* **~ки** наслаби (*люди будущих поколений*); **на́ши ~ки** нилъер хадусел наслаби

ПОТО́МСТВЕНН//ЫЙ, -ая, -ое 1) *уст. (наследственный)* наслудулаб, ирсалъе щвараб (*ирсилаб*); **~ое име́ние** ирсалъе щвараб имение (*мулк бугеб ракь*) 2) (*коренной*): **~ый рабо́чий** ирсилав хIалтIухъан (*инсул махщел босарав хIалтIухъан*)

ПОТО́МСТВО *с собир.* 1) (*молодое поколение*) гIолохъанаб наслу, гIел; **здоро́вое ~** чорхолъ битIараб гIел, наслу 2) (*будущее поколение*) букIинесеб (*хадусеб*) наслу, гIел

ПОТОМУ́ 1. *нареч.* гьединлъидал; **я забо́лел, ~ не мог прийти́** дун унтун вукIана (*унтана*), гьединлъидал вачIине

кIвечIо **2**. *союз причинный:* **~ что** щайгурелъул; **не приду́, ~ что не́когда** вачIинаро, щайгурелъул заман гьечIо

ПОТОНУ́ ТЬ *сов.* гъанкъизе, тIерхьине (*лъадалъ*)

ПОТО́П *м разг.* тIупан; гIемераб лъим кIанцIи, лъелъ тIерхьин ◊ **всеми́ рный ~** *библ.* тIолго дунялалдего тIупан тIей

ПОТОПИ́ ТЬ[1] *сов. что и без доп.* бакизе; **~ печь** печь бакизе

ПОТОПИ́ ТЬ[2] *сов.* 1) *кого-что (утопить)* гъанкъизабизе, тIерхьинабизе; **~ неприя́тельский кора́бль** тушманасул гама гъанкъизабизе 2) *кого перен. разг. (подвести кого-л.)* божударекIекI гьабизе 3) *перен. разг. (заглушить, подавить)* къинабизе

ПОТОПТА́ТЬ *сов. кого-что* мерхьине, зуризе

ПОТОРА́ПЛИВАТЬ *несов. кого разг.* зама-заманалдасан гIедегIизавизе, хIалакинавизе, хехлъизавизе

ПОТОРА́ПЛИВА//ТЬСЯ *несов. разг. цодагьав* гIедегIахъдизе, хехдаризе; **~йтесь, не отстава́йте!** гIедегIе, нахъа хутIуге!

ПОТОРОПИ́ ТЬ *сов. кого* гIедегIизавизе, хехдаризавизе

ПОТОРОПИ́ ТЬСЯ *сов.* гIедегIизе, хIалакине, хехдаризе

ПОТРА́ВА *ж* харибакIал, рекьарал жал тIаде боцIиги биччан хвезари

ПОТРАВИ́ТЬ *сов.* 1) *что (посевы)* рекьарал жал тIаде боцIиги биччан, кванан, мерхьун хвезаризе 2) *кого разг. (истребить)* тIагIинаризе, лъугIизаризе (*загьруги кьун хвезаризе*); **~ всех крыс** киналго гIункIкIал тIагIинаризе

ПОТРА́ТИТЬ *сов. что и без доп.* харж гьабизе; гIадада хвезабизе

ПОТРЕБИ́ТЕЛЬ *м лъица букIаниги гьабураб къайиялдасан, сурсаталдасан* пайда босулев чи, къайи босулев чи; къайи босулеб идара

ПОТРЕБИ́ ТЬ *сов. см.* **потребля́ ть**

ПОТРЕБЛЕ́НИ//Е *с* (*по гл.* **потребля́ ть**) пайда боси, хIалтIизаби; **това́ры широ́кого ~я** гIемераз хIажатаб, гIемер хIалтIизабулеб къайи

ПОТРЕБЛЯ́ТЬ *несов. что* 1) (*использовать*) пайда босизе, хIалтIизабизе; **~ электроэне́ргию** электроэнергиялдаса (*токалдаса*) пайда босизе 2) (*есть, пить*) квание, гьекъезе хIалтIизабизе

ПОТРЕ́БНОСТ//Ь *ж* хIажалъи, къваригIин; **~и населе́ния** халкъалъул хIажалъаби; **насу́щная ~ь** кIвар бугеб (бищун цебесеб) хIажалъи; **испы́ тывать ~ь** *в чём-л.* хIажалъи бихьизе, лъазе; хIажалъиялде ккезе

ПОТРЕ́БН//ЫЙ, -ая, -ое къваригIараб, гьечIого рес гьечIеб, хIажатаб; **~ое коли́ чество това́ров** къайиялъул хIажатаб къадар

ПОТРЕ́Б//ОВАТЬ *сов.* 1) *чего и с союзом* **«что́бы»** тIалаб гьабизе; **~овать про́пуск** пропуск тIалаб гьабизе (*бихьизабизе*) 2) *кого (вызвать)* ахIизе, ахIун вачIинавизе 3) *чего (иметь потребность)* хIажалъи букIине; **рабо́та ~ует вре́мени** хIалтIуе заман хIажалъула (къваригIуна)

ПОТРЕ́БОВА//ТЬСЯ *сов.* хIажалъи ккезе, къваригIине; **ему́ ~лась кни́ га** гьесие тIехь къваригIана

ПОТРЕВО́ЖИТЬ *сов. кого-что* рахIат хвезабизе, лазатбахъи гьабизе

ПОТРЕВО́ЖИТЬСЯ *сов.* рахIат хвезе, рахIат хун лъугьине; паракъалъи хвезе

ПОТРЁПАНН//ЫЙ, -ая, -ое 1) хохораб, басралъараб, хIулхIуларав (*гIемер хIалтIизабиялъ*); **~ая кни́ га** хIул-хIуларав тIехь 2) *перен. (о войске и т.п.)* мигълъараб, ками ккараб 3) *перен. (о внешности)* хIал дагьлъараб, свакараб; лъехараб; гъарзикъаб; къечхьараб; чIорто гIадин, бакIвали гIадин лъугьараб

ПОТРЕ́СКА//ТЬСЯ *сов.* кьватIизе, кьватIун ине; **ру́ки ~лись** кверал кьватI-кьватIун ана, чIучIун ана

ПОТРЕ́СКИВА//ТЬ *несов.* чIваркьи бахъине; **дрова́ ~ют в пе́чке** печалъуб цIул чIваркьолеб буго

ПОТРО́ГАТЬ *сов. кого-что лъиданиги- сунданиги* квер хвазе; хъатIизе; квализе, квашизе; **~ усы́** михъазда (*квер*) хвазе

ПОТРОХ//А́ *мн.* ургьимес (тIул-ракI, ургьимесалъул кваназе бегьулел жал); **суп из ~о́в** ургьимесалъул гьабураб чурпа ◊ **со все́ми ~ами** кинабго цадахъ; **вы́пустить ~а́** бакь-кIач кьватIиб чIвазабизе (*чIвазе, чехь бихъизе*)

ПОТРОШИ́ ТЬ *несов.* 1) *кого* ургьимес (*бакь-кIач*) кьватIибе бахъизе; **~ пти́цу** хIанчIил ургьимес бахъизе; **~ ры́бу** чIугIа ба-цIцIад гьабизе 2) *что перен.* чIехьезе, жаниб бугеб жо нахъе босизе; **~ чемода́н** чемодан чIехьезе

ПОТРУДИ́ //ТЬСЯ *сов.* 1) (*поработать*) хIалтIизе; *кигIаналиго заманалъ* хIалтIизе; **он нема́ло ~лся на своём веку́** жиндирго гIумруялда гьев дагьав гуро хIалтIарав 2) *с неопр. (счесть нужным)* хIажатаблъун, къваригIунеблъун рикIкIине; **он да́же не ~лся узна́ть** гьес гьеб лъазе ккей (лъазаби) хIажатаблъун, къваригIунеблъун рикIкIинчIо; **~тесь переда́ть письмо́** кигIан захIмалъаниги, кагъат кьезе жигар бахъе

ПОТРЯСА́ТЬ *несов. см.* **потрясти́**

ПОТРЯСА́ЮЩИЙ, -ая, -ее цIакъ кутакаб, кутакалда гучаб; хаган хутIизарулеб, кIудияб асар гьабулеб; **~ успе́х** цIакъ кIудияб бергьенлъи; **~ слу́чай** кIудияб асар гьабулеб лъугьа-бахъин

ПОТРЯСЕ́НИЕ *с* 1) (*тяжёлое переживание*) низам биххи, кIудияб асар гьаби, чорхое захIматаб асар лъугьин, хIал бачIин; **не́рвное ~** нервал рагъари 2) (*коренная ломка*) кьучIдасанго бекиʼ ккей, хиси

ПОТРЯС//ТИ́ *сов.* 1) *кого-что* кIобокIизе; кIутIизе; **~ти́ ковёр** тIанса кIутIизе; **~ти́ за пле́чи** гъуждулги ккун кIовокIизе (теркIезавизе) 2) *что (заставить сотрясаться)* хьвагIезабизе, кIобокIизабизе, гьаргьадизабизе; **взрыв бо́мбы потря́с зда́ние** бомбаялъул къвагьиялъ рукъзал гьаргьадизаруна 3) *кого-что перен. (взволновать)* асар гьабизе, пашманлъизавизе; **речь его́ ~ла́ слу́шателей** гьесул кIалъаялъ гIенеккаразе (кIудияб) асар гьабуна; **его́ смерть ~ла́ всех** гьесул хвелалъ киназулго рахIат хвезабуна, пашманлъизаруна, кIудияб асар гьабуна

ПОТУ́ ГИ *мн. (ед.* **поту́га** *ж*) 1) дугъдай; букIкIин; хIарачIвай; **родовы́е ~** лъимадуе (*лъимер гьабилалде*) хIарачIвай 2) *перен. (бесплодные попытки)* хIасил кколареб (*гIададасеб*) къасд гьаби, хIал бихьи

ПОТУЖИ́ТЬ *сов. разг.* ракI бакъвазе, пашманлъизе, къварилъизе

ПОТУ́ ПИТЬ *сов. что* дализе, къулизе биччазе; рахчизе; гIодоре руссинаризе; **~ глаза́ в зе́млю** берал ракьалде руссинаризе (*нечеялъ*); **~ го́лову** бетIер къулизе (дализе) биччазе

ПОТУ́ ПИТЬСЯ *сов.* гIодове валагьун, дализе биччан бетIергун, чIезе; **~ от смуще́ния** нечеялъ гIодове валагьун чIезе

ПОТУПЛЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **потупи́ть(ся)**

ПОТУСКНЕ́Л//ЫЙ, -ая, -ое кьерукълъараб, свараб, кунчIи хвараб; нурикълъараб, кьергъвараб; **~ое серебро́** кунчIи хвараб (свараб) гIарац; **~ый взор** нур свараб балагьи

ПОТУСКНЕ́ТЬ *сов.* бецIлъизе, кунчIи хвезе, кьер хвезе, нур свине, кьергъвазе

ПОТУСТОРО́ННИЙ, -яя, -ее: **~ мир** доб дунял, ахират

ПОТУХА́ТЬ *несов. см.* **поту́хнуть**

ПОТУ́ Х//НУТЬ *сов.* 1) (*погаснуть*) свине; **ла́мпа ~ла** чирахъ свана 2) (*исчезнуть*) тIагIине, лъугIизе; **враждá ~ла** тушманлъи лъугIана 3) (*о глазах*) нур свине

ПОТУ́ ХШ//ИЙ, -ая, -ее 1): **~ий вулка́н** свараб вулкан 2) *перен. (тусклый)* кьергъвараб, нур свараб; **~ие глаза́** нур сварал берал

ПОТУШИ́ТЬ[1] *сов. что (погасить)* свинабизе; **~ ого́нь** цIа свинабизе

ПОТУШИ́ТЬ[2] *сов. что (поварить) лъинги тIечIого* (*гьан*) жиндирго сокалда гъорлъ дагьаб мехалъ белъинабизе

ПО́ТЧЕВАТЬ *несов. кого чем разг. (угощать)* гьоболлъи гьабизе; хIурмат гьабизе, кIодо гьавизе

ПОТЯГА́ТЬСЯ *сов. с кем-чем разг.* къец базе, цоцазул гьунаралъул хIал бихьизе; **~ в зна́ниях** лъай буголъи бихьизабизе къец базе, лъаялъул къец базе

ПОТЯ́ ГИВА//ТЬ *несов. разг.* 1) *что (понемногу тянуть)* (*дагьа-макъаб, дагь-дагьккун*) цIазе; **~ть за коне́ц верёвки** кварил кIал цIазе(*дагь-дагьккун*); **~ть пи́во** дагь-дагьккун пиво гьекъезе 2) *безл.:* **из ле́су ~ет сы́ ростью** рохьосан регьел бачIунеб буго

ПОТЯ́ ГИВАТЬСЯ *несов. см.* **потяну́ться**[1]

ПОТЯНУ́ //ТЬ *сов.* 1) *кого-что* цIазе; **~ть верёвку** квар цIазе 2) *кого-что (за собой)* хадуб цIазе 3) *безл. (о запахе, ветре и т.п.)* бачIине 4) *безл. (повлечь)* цIазе, ракI щвезе; **его́ ~ло домо́й** гьев (*ракIалъ*) рокъове цIалев вукIана

ПОТЯНУ́ //ТЬСЯ *сов.* 1) цIавуцIцIахъдизе; **~ться спросо́нья** макьидаса вигьунаго цIавуцIцIахъдизе; **~ться в**

посте́ли бусалъ цIавуцIцIахъдизе 2): **~ться** *за чем-л. сунда бугониги хадув* цIавуцIцIине; **~ться че́рез стол** столалалда тIасан (*къаркъала*) цIазабизе 3) (*об обозе, о птицах и т.п.*) рахас гьабун ине; цIан рачIине ◊ **~лись се́рые дни** кьерхарал къоял халат рахъана

ПОУ´ЖИНАТЬ *сов.* къасиквен кваназе (къаси кваназе)

ПОУМНЕ́ТЬ *сов.* цIодорлъизе, гIакълу щвезе

ПОУТРУ´ *нареч. разг.* радалго; **вы́ехать и́з дому ~** рокъоса радалго къватIире ине (*рахъине*)

ПОУЧА́ТЬ *несов. кого, чему разг.* малъизе, гIакълу кьезе; **~ уму-ра́зуму** гIакълу-лъай малъизе (кьезе)

ПОУЧИ́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое пайдаяб, жиндасан мисал, дарс босизе бегьулеб; **~ сове́т** пайдаяб малъа-хъвай

ПОФАМИ́ЛЬНО *нар.* фамилиял ккун; **позвать ~** фамилиял ккун ахIизе

ПОХА́БНЫЙ, -ая, -ое *прост.* нахъегIанаб, нич гьечIеб, къватIулаб, рекъечIеб, къабихIаб

ПОХА́ЖИВАТЬ *несов. разг.* 1) (*ходить не торопясь*) гIедегIичIого дове-гьаниве хьвадулев вукIине (хьвадизе) 2) (*приходить*) вачIине, вакка-рагIизе (*зама-заманалдасан*)

ПОХВАЛ//А́ *ж* рецц, рецц-бакъ; **отозва́ться с ~о́й** *о ком-л. лъилниги хIакъалъулъ* рецц-бакъ гьабун бицине; **рассы́паться в ~а́х** *кому-л. лъиениги* гIемераб рецц-бакъ гьабизе

ПОХВА́ЛИВАТЬ *несов. кого-чо разг.* гьоркьо-гьоркьов (зама-заманалдасан) вещцизе

ПОХВАЛИ´ ТЬ *сов. кого-что* вещцизе, рецц-бакъ гьабизе

ПОХВАЛИ́ТЬСЯ *сов. кем-чем разг.* живго вещцизе, рецц-бакъалда вукIине; *лъилниги,* рецц-бакъ гьабун бицине; вещцарун *щибниги* гьабизе рагIи кьезе, гьабилилан вещцаризе

ПОХВАЛЬБА́ *ж разг.* жиндиего рецц-бакъ гьаби, жиндирго ишал (лъугьа-тарал жал) рецци

ПОХВА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*заслуживающий похвалы*) беццизе, реццалъе мустахIикъаб; бецциземеб; **~ое усе́рдие** бецциземеб хIаракат бахъи 2) (*содержащий похвалу*) беццараб, беццун кьураб, реццалъул; **~ая гра́мота** реццалъул грамота

ПОХВАЛЯ´ ТЬСЯ *несов. см.* **похвали´ ться**

ПОХВА́РЫВАТЬ *несов. разг.* зама-заманалдасан яги дагьа-макъав унтизе (лъикI гьечIого вукIине)

ПОХВА́СТАТЬ *сов. кем-чем* жиндиего рецц-бакъ гьабун бицине, жиндиего рецц-бакъ гьабизе

ПОХВАСТАТЬСЯ *сов. кем-чем разг.* рецц-бакъалда ву-кIине, живго жинцаго вещцулев вукIине; вещцарулев вукIине; **не могу́** ~ вещцаричIого чIезе кIоларо

ПОХИТИ´ ТЕЛЬ *м щибниги* бикъарав чи; цIогьор

ПОХИ´ ТИТЬ *сов. кого-что щибниги-щивниги* хъамун, бикъун ине

ПОХИЩА́ТЬ *несв. см.* **похи´ тить**

ПОХИЩЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **похи´ тить**) бикъи, хъами

ПОХЛЁБКА *ж разг.* чурпа (*картошкадул, крупадул гьабураб*); гьардухъан чурпа

ПОХЛО́ПАТЬ *сов. кого, чем, по чему* хъат чIвазе (кIутIизе, къабизе), цоцалъ къабизе; **~ по плечу́** гъажалда квер кIутIизе

ПОХЛОПОТА́ТЬ *сов. о ком-чём, за кого и с союзом* **«что́бы»** 1) тIалаб-агъаз гьабизе; **~ за дру́га** гьудуласул тIалаб-агъаз гьабизе 2) дагьа-макъаб хIалтIи гьабизе; **~ немно́го на ку́хне** богорокъоб дагьа-макъаб хIалтIи гьабизе (квала-шализе)

ПОХМЕ́ЛЬЕ *с* гIемер гьекъон хадуб букIунеб чорхол квешаб хIал; мехти; гьекъей

ПОХО́Д *м* 1) (*передвижение*) цере ин; **войска́ в ~е** аскарал цере унел руго 2) (*массовая организованная прогулка*) *цо хасаб мурадгун* цадахъ тира-сверизе къватIире рахъин; цадахъаб сапар, поход; **двухдне́вный** ~ кIиго къоялъул поход 3) (*военные действия*) аскарияб сапар, рагъулал ишал

ПОХОДА́ТАЙСТВОВАТЬ *сов. о ком-чём, за кого лъиениги сундуениги гIоло щибниги* гьаризе, *гьесие гIоло* кIал кIалъазе

ПОХОДИ´ ТЬ[1] *сов. (некоторое время) кигIаналиго мехалъ* тира-сверизе, хьвадизе; **~ с полчаса́** бащдаб сагIатгIан мехалъ тира-сверизе, хьвада-чIвадизе

ПОХОДИ´ ТЬ[2] *несов. на кого-что (быть похожим)* релълъине, релълъенлъи букIине; **~ на отца́** инсуда релълъине

ПОХО́ДКА *ж* рилълъин; **лени́вая ~** кIвахIалаб рилълъин; **лёгкая ~** тIадагьаб рилълъин

ПО́ХОДЯ *нареч. разг.* 1) (*на ходу*) вилълъунаго, унаго; **заку́сывать ~** вилълъун унаго кIалдиб жо лъезе 2) (*между прочим*) кин батаниги, векерун унаго; **нельзя́ реша́ть дела́ ~** ишал (хIалтIи), кин батаниги, векерун унаго тIуразе (гьаризе) бегьуларо

ПОХОЖДЕ́НИЕ *с* 1) лъугьа-бахъин (*тавакалаб, хIинкъи бугеб*) 2) *устар.* сапар

ПОХО́Ж//ИЙ, -ая, -ее релълъараб; **ребёнок ~ на мать** эбелалда релълъараб лъимер ; **э́ то ~е на него́** гьеб (*гьес гьабураб иш*) гьесда жиндаго релълъараб буго ◊ **на кого́ (на что) ты похо́ж!** лъида (сунда) мун релълъун вугев!; **как две ка́пли воды́ ~и** лъел кIиго къатIрагIанги релълъарал руго

ПОХОЛОДА́НИЕ *с* квачай, цIорой (бачIин)

ПОХОЛОДА́ТЬ *сов. безл.* квачан, цIорон букIине

ПОХОЛОДЕ́//ТЬ *сов.* 1) цIорозе; **ру́ки ~ли** кверал цIорона 2) *перен.* цIоро-гъорозе; **~ть от стра́ха** хIинкъиялъ цIоро-гъорозе, цIоро-гъорон хутIизе

ПОХОРОНИ´ ТЬ *сов.* 1) *кого-что* хабалъ букъизе (вукъизе) 2) *что перен.* кIочон тезе (кIочене тезе); тIаде ракь хъван тезе

ПОХОРО́НН//ЫЙ, -ая, -ое **1.** хабалъ вукъиялъул; рукъа-рухьиялда хурхараб; **~ый обря́д** рукъа-рухьиялда хурхараб (рукъа-рухьиялъул) гIадат; хварав чи вукъулелъул гьабунеб гIадат; **~ый марш** хварав чи вукъулелъул бачунеб марш (музыка) **2.** *в знач. сущ.* **~ая** хванилан, чIванилан бачIараб кагъат, чIегIераб кагъат

ПО́ХОРОНЫ *мн.* (*хварав чи)* вукъи

ПО-ХОРО́ШЕМУ *нареч.* лъикIаб куцалъ, лъикIлъиялдалъун, лъикIлъиялда

ПОХОРОШЕ́ТЬ *сов.* берцинлъизе, беричлъизе

ПОХОТЛИ́ВЫЙ, -ая, -ое панзалъулаб шагьваталъул, шагьваталъулаб

ПО́ХОТЬ *ж* панзалъул гIадаб шагьват (панзилаб шагьват)

ПОХУДЕ́ТЬ *сов.* хIалакълъизе, къадарлъизе, тIеренлъизе, азине

ПОЦАРА́ПА//ТЬ *сов. кого-что* 1) (*слегка оцарапать*) дагьабго хъарсизе, хъарс-хъарсизе 2) *безл. разг.:* **его́ слегка́ ~ло** (*ранило*) гьесда гьитIинабго ругъун лъун буго

ПОЦАРА́ПАТЬСЯ *сов.* 1) (*слегка оцарапаться*) хъарсун гIуж лъугьине; хъарсезе 2) *перен.* рагъизе, семизе

ПОЦЕЛОВА́ТЬ *сов. кого-что* къочизе, убач гьабизе, баизе

ПОЦЕЛОВА́ТЬСЯ *сов. с кем* къочаризе, цоцазда баизе

ПОЦЕЛУ´ Й *м* къочи, баи, убач

ПОЧАСОВ//О́Й, -а́я, -о́е: **~а́я опла́та** щибаб сагIат рикIкIун кьолеб мухь; **~о́й гра́фик рабо́ты** хIалтул щибаб сагIат хIисабалде босун гьабураб график

ПОЧА́ТОК *м бот.* лъел; **~ кукуру́зы** цIоросаролъул лъел

ПО́ЧВ//А *ж бот.* 1) ракь; **чернозёмная ~** чIегIеракь; **обрабо́тка земли́** ракь хIалтIизаби 2) *горн.* пайдаяб магIдан бугеб порода 3) *перен.* аслу, кьучI, мугъ чIвазе бакI; **име́ть твёрдую ~у** аслу, кьучI, мугъ чIвазе бакI букIине ◊ **на ~е** *чего-л. сундулниги* кьучIалда; **заболева́ние на не́рвной ~е** нервазул кьучIалда (нервал сабаблъун) лъугьараб унти

ПО́ЧВЕНН//ЫЙ, -ая, -ое ракьул; **~ые во́ды** ракьулъан рачIунел лъинал

ПОЧВОВЕ́ДЕНИЕ *с* ракьул гIелму

ПОЧЁМ *нареч. вопр. и относ. разг. (по какой цене)* кигIаналде, щиб багьаялде ◊ **~ я зна́ю!** дида щиб лъалеб!

ПОЧЕМУ´ 1. *нареч. вопр.* щай, сундуе гIоло, щиб гIиллаялъе гIоло; **~ вы не пришли́ ?** нуж щай рачIинчIел? **2**. *союз* гьединлъидал; **он боле́л, ~ и отсу́тствовал** гьев унтун вукIана, гьединлъидал камунги вукIана

ПОЧЕМУ´ -ЛИБО *нареч.* сундуеялиго, щибниги жоялъе гIоло

ПОЧЕМУ´ -НИБУДЬ *нареч. см.* **почему́-либо**

ПОЧЕМУ´ -ТО *нареч.* щаялиго

ПО́ЧЕРК *м* 1) хатI 2) *перен.* (*манера*) хатI; кверзул рагъари, къагIида, *щибниги* жо гьабулеб куц; **твóрческий ~ худóжника** художнисул жиндирго творческияб къагIида, кверзул рагъари

ПОЧЕРНЕ́ТЬ *сов.* чIегIерлъизе

ПОЧЕРПА́ТЬ *несов. см.* **почерпну́ть** 2)

ПОЧЕРПНУ́ ТЬ *сов.* 1) *что, чего разг.* босизе (цIезе); ~ **воды́** лъим босизе (*галица, хъабаялъ*); лъел цIезе 2) *что перен.* босизе; ~ **из кни́ ги це́нные све́дения** тIехьалдаса(н) къиматал баянал росизе (щвезе)

ПОЧЕСА́ТЬ *сов.* 1) *что* хъасизе (*кигIаналиго механалъ*); ~ **спи́ ну** мугъ хъасизе 2) (*лён и т.п.*) гьаркьида бахъизе; ~ **лён** лъолъол ххайи (габани) гьаркьида бахъизе

ПОЧЕСА́ТЬСЯ *сов.* хъасдолев вукIине (*кигIаналиго механалъ*), хъасдезе

ПО́ЧЕСТ//Ь *ж* адаб-хъатир гьаби, кIодо гьави; хIурмат, икрам; **воздА́ть** *кому-л.* ~**и** *лъилниги* хIурмат гьабизе; кIодо гьавизе

ПОЧЕ́СТЬ *сов. кем-чем, за кого-что (считать)* рикIкIине; ~ **свои́ м до́лгом** жиндирго налъилъун, борчлъун рикIкIине

ПОЧЁСЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **почеса́ть(ся)**

ПОЧЁТ *м (уважение)* адаб-хIурмат, къадру; **быть в** ~ къадруялда вукIине; **по́льзоваться больши́м** ~**ом** кIудияб къадруялда, адаб-хIурматалда вукIине

ПОЧЁТН//ЫЙ, -ая, -ое хIурматалъул, хIурматияб; ~**ый гость** хIурматияв гьобол; ~**ый прези́ диум** хIурматияб президиум; ~**ое зва́ние** хIурматияб цIар; ~**ая гра́мота** хIурматалъул (рещцалъул) грамота; ~**ая обя́ занность** хIурматияб борч

ПО́ЧЕЧНЫЙ[1], -ая, -ое *бот.* букIдузулаб, бекI балеб

ПО́ЧЕЧН//ЫЙ[2], -ая, -ое *анат.* ургьисалаялъул (багIаржоялъул); ~**ая лоха́нка** ургьисалаялъул лоханка (*къвачIа*); ~**ые ка́мни** ургьисалаялъул (*ургьисалаялъур лъугьунел*) ганчIал

ПОЧИВА́ТЬ *несов. уст.* 1) (*спать*) кьижун вукIине, кьижизе 2) (*о мёртвых*) парахалъизе (*хун хадуб*); хвезе; абадияб макьида вукIине; даим къанщизе

ПОЧИ́ Н *м* 1) (*инициатива*) (*жигараб*) байбихьи; **сме́лый** ~ таваккалаб, бахIарчияб байбихьи; **по со́бственному** ~**у** жиндирго жигараб байбихьиялдалъун (*хIаракаталдалъун*); **взять** ~ **на себя́** байбихьи жиндаго тIаде босизе; **для** ~**а** байбихьиялъе

ПОЧИНИ́ТЬ *сов. что* къачIазе; ~ **часы́** сагIат къачIазе

ПОЧИ́ НКА *ж* (*по гл.* **починя́ ть**) къачIай; ~ **о́буви** хIатIидажал къачIай

ПОЧИНЯ́ ТЬ *несов. см.* **почини́ ть**

ПОЧИ́СТИТЬ *сов. кого-что* бацIцIине, бацIцIад гьабизе; ~**пальто́** пальто бацIцIине

ПОЧИ́СТИТЬСЯ *сов.* жиндирго ретIел-кун, хIатIидажал рацIцIад гьаризе; живго вацIцIад гьавизе (вацIцIа-вакине)

ПОЧИТА́НИЕ *с* (*по гл.* **почита́ть[2]**) адаб-хIурмат гьаби, кIодо гьаби

ПОЧИТА́ТЕЛЬ *м* жинца (*сундулниги-лъилниги*) хIурмат, икрам гьабулев чи

ПОЧИТА́ТЕЛЬНИЦА *ж* жинца хIурмат, икрам гьабулей гIадан

ПОЧИТА́ТЬ[1] *сов. что* 1) (*некоторое время*) *кигIаналиго механалъ* цIализе 2) цIалун хIасилалъулгун лъай-хъвай гьабизе

ПОЧИТА́ТЬ[2] *несов. кого-что лъилниги* адаб-хIурмат гьабизе, кIодо гьавизе; ~ **ста́рших** кIудиязул (цIикIкIаразул) адаб-хIурмат гьабизе

ПОЧИТА́ТЬ[3] *несов. см.* **поче́сть**

ПОЧИ́ ТЬ *сов. уст.* 1) (*уснуть*) кьижизе 2) (*умереть*) хвезе ◊ ~ **на ла́врах** бугелда, щваралда гIей гьабун чIезе; хIаракатчилъи гьоркьоб къотIизабизе, лъугIизабизе

ПО́ЧК//А[1] *ж бот.* бекI; ~**и на дере́вьях** гъутIбузда бараб (кIанцIараб) бекI

ПО́Ч//КА[2] *ж анат.* ургьисала, багIаржо; **воспале́ние** ~**ек** багIаржал гьорой

ПОЧКОВА́НИЕ *с* букIдуздасан бижи, букIдуздалъун гIемерлъи

ПОЧКОВА́ТЬСЯ *несов. биол.* букIдуздасан бижизе, букIдуздасан гIемерлъизе

ПО́ЧТ//А *ж* 1) (*учреждение*) почта, поч; **пойти́ на** ~**у** почалде ине 2) (*пересылка, доставка*) (почалда) битIи, (почалда) бачIин 3) (*корреспонденция*) почалда (сан) рачIунел кагътал, газетал-журналал, посылкаби; **доста́вить** ~**у** поч щвезабизе (бикьизе)

ПОЧТАЛЬО́Н *м* почтальон, поч бикьулев чи

ПОЧТА́МТ *м* почтамт (*шагьаралъул аслияб почта*)

ПОЧТЕ́НИЕ *с* адаб-хIурмат; **относи́ться** *к ко́му-л.* **с** ~**м** *лъилниги* адаб-хIурмат гьабизе, хIурматияб бербалагьи букIине

ПОЧТЁНН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*жиндир*) адаб-хIурмат, къадру-къимат бугев; ~ **учёный** жиндир адаб-хIурмат гьабулев, къадру-къимат бугев гIалимчи, хIурматав гIалимчи 2) *перен. разг.* кIудияб; **челове́к** ~**ого во́зраста** кIудияб ригьалъул чи

ПОЧТИ́ *нареч.* гIага-шагарго; **скоси́ ли** ~ **сто гекта́ров** гIага-шагарго нусго гектар бецана; **он** ~ **вы́здоровел** гьев тIубанго гIадин сахлъун вуго; ~ **одина́ковые пла́тья** цого гIадинал гурдал

ПОЧТИ́ ТЕЛЬНО *нареч.* адаб-хIурматгун; ~ **спроси́ ть** абадалда гьикъизе (цIехезе)

ПОЧТИ́ ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое 1) адаб гьабураб, адабалъулаб, адаб-хIурмат гьорлъ бугеб (бессараб); ~**ый покло́н** хIурматияб икрам (адаб-хIурматгун икрам гьаби, адабалъулаб икрам, адабгун, хIурматгун икрам) 2) *перен. разг. (значительный)* кIудияб; **на** ~**ом расстоя́ нии** кIудияб манзилалъ (*добегIан, рикIкIад*)

ПОЧТИ́ ТЬ *сов. кого-что* хIурмат гьабизе; ~ **па́мять встава́нием** тIаде рахъиналдалъун (*хварав*) ракIалде щвезавизе (хIурмат гьабизе); ~ **свои́м прису́тствием** жиндирго гIахьаллъиялдалъун хIурмат гьабизе

ПОЧТО́В//ЫЙ, -ая, -ое почалъул; ~**ый я́щик** почалъул ящик (поч рехулеб ящик)

ПОЧУ́ ВСТВОВАТЬ *сов. кого-что* лъазе, бичIчIизе, хIаладасан лъазе; ~ **го́лод** ракъи (вакъун вукIин) лъазе; **дать** ~ бичIчIизабизе ◊ ~ **себя́ пло́хо** квеш лъугьине; квеш лъугьунев вукIин лъазе

ПОЧУ́ ВСТВОВА//ТЬСЯ *сов.* хIаладасан бичIчIун букIине, лъан букIине

ПОЧУ́ ДИТЬСЯ *сов. кому разг.* бугилан ккезе, цебе тIамизе

ПОЧУ́ ЯТЬ *сов. кого-что разг.* махI чIвазе (лъазе), букIин бичIчIизе; ~ **опа́сность** хIинкъи букIин бичIчIизе (лъазе)

ПОША́ЛИВА//ТЬ *несов. разг.* цо хIалалда чIунгутIизе ◊ **у него́ се́рдце** ~**ет** гьесул ракI цо хIалалда чIоларо

ПОШАЛИ́ТЬ *сов. кигIаналиго механалъ* гогьдаризе, цо хIалалда чIунгутIизе; *щиб бугониги* гогьаб жо гьабизе

ПОША́РИТЬ *сов. разг.* ваккаризе; ~ **в карма́нах** чунтбузухъ ваккаризе

ПОШАТНУ́ ТЬ *сов. что* 1) дагьабго хьвагIизабизе, гьетIизабизе, багъаризабизе 2) *перен.:* ~ **своё здоро́вье** жиндирго сахлъи загIип гьабизе

ПОШАТНУ́ //ТЬСЯ *сов.* 1) хьвагIун, гьетIун ине; багъаризе; **де́рево** ~**лось** гъветI гьетIун ана (гьетIана) 2) *перен.* чIимигIлъизе, загIиплъизе; **здоро́вье** ~**лось** сахлъи загIиплъана

ПОША́ТЫВАТЬСЯ *несов.* тартадизе (*зама-заманалдасан*)

ПОШЕВЕ́ЛИВАТЬ *несов. кого-что, чем* зама-заманалдасан дагьа-макъаб багъаризабизе (багъа-бачаризабизе); ~ **вожжа́ми** чIолорхъо, квелъ (дагьа-макъаб) багъаризабизе

ПОШЕВЕ́ЛИВА//ТЬСЯ *несов. разг.* зама-заманалдасан дагьа-дагьаб багъаризе; ~**йся!** вагъарун вахъа!

ПОШЕВЕЛИ́ ТЬ(СЯ) *сов. см.* **пошевельну́ть(ся)**

ПОШЕВЕЛЬНУ́ ТЬ *сов. что, чем* дагьа-макъаб багъаризабизе

ПОШЕВЕЛЬНУ́ ТЬСЯ *однокр.* багъаризе

ПОШЁЛ, пошла, пошло *прош. от* **пойти́**

ПОШИ́ Б *м разг. (лъиениги хасиятаб)* тIабигIат-гIамал; хасият; щибниги гьабулеб къагIида, куц; **лю́ди одного́** ~**а** цого тIабигIат-гIамалалъул гIадамал

ПОШИ́ В *м (по гл.* **поши́ ть**) букъи́ ; бу́кьи

ПОШИ́ВОЧНЫЙ, -ая, -ое рукъарулеб, ретIел букъулеб; ~ **цех** ретIел букъулеб цех

ПОШИ́ ТЬ *сов.* 1) (*шить некоторое время*) *(кигIаналиго заманалъ)* букъизе 2) *что (изготовить шитьём)* букъун хIадур гьабизе

ПО́ШЛИН//А *ж* пошлина, кумурук (*къватIибе яги къватIисан жанибе баччулеб къайиялда лъолеб налог*)

ПО́ШЛОСТЬ *ж* 1) (*духовное убожество*) рухIияб гIузру, нахъеккей, мискинлъи, гъарзикълъи 2) (*пошлое замечание, пошлый поступок*) ягъзинаб, магIна гьечIеб, рекъечIеб бадибчIвай; нахъегIанаб иш

ПО́ШЛ//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*ничтожный*) нахъегIанаб, **~ый челове́к** нахъегIанав чи 2) **~ые остро́ты** рекъечIел, магIна гьечIел, ягъзинал рехулел рагIаби

ПОШЛЯ́К *м разг.* нахъегIанав чи, ягъзин

ПОШЛЯ́ТИНА *ж разг. щиб букIаниги* нахъегIанаб, ягъзинаб, гьарзикъаб жо

ПОШТУ́ ЧН//ЫЙ, -ая, -ое цо-цоккун бугеб, гьабулеб, кьолеб; **~ая опла́та** щибалъулъ гIарац кьей; **~ая прода́жа** рикIкIун, щибалъул багьа гьабун, щибалъулъ гIарац босун бичи; цо-цоккун бичи

ПОШУМЕ́ТЬ *сов.* хъудизе, ахIи-хIур бахъинабизе

ПОШУТИ́ ТЬ *сов.* рекIелгъеялъе махсара-хочI гьабизе

ПОЩА́Д//А *ж* гурхIел, цIоб, рахIму; **без ~ы** цIоб гьечIого, цIоб тун; **проси́ ть ~ы** гурхIел (*гьабеян*) гьаризе, гурхIаян гьаризе

ПОЩАДИ́//ТЬ *сов. кого-что* 1) (*проявить сострадание*) гурхIизе, гурхIел гьабизе 2) (*уберечь от разрушения*) цIунизе (*щущан, биххун иналдаса*) 3) (*пожалеть*) барахщизе; **не ~ть жи́зни свое́й** жиндирго гIумруялда барахщунгутIизе

ПОЩЁЧИН//А *ж* 1) хъатица кIаркьен чIвай 2) *перен. (оскорбление)* инжит гьави

ПОЩИ́ ПЫВА//ТЬ *несов. что* 1) (*траву*) бетIизе; гIисинккун бетIун кваназе 2) бухIизабизе; **моро́з ~ет щёки** квачалъ кIаркьаби рухIизарулел руго

ПОЩУ́ ПАТЬ *сов.* 1) (*кого-что*) квашизе, квашун бихьизе, квер квалун балагьизе 2) *что перен. разг. (постараться узнать)* лъазе жигар бахъизе

ПОЭ́ЗИЯ *ж* поэзия (кочIохъего хъварал асарал), шигIриял асарал

ПОЭ́ МА *ж* поэма

ПОЭ́ Т *м* поэт, шагIир

ПОЭТЕ́ССА *ж* поэтесса, шагIир

ПОЭТИЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое поэзиялъул (аб), шигIрудул, кочIол, назмудул; **~ое произведе́ние** шигIрияб асар

ПОЭ́ ТОМУ *нареч.* гьединлъидал, гьелъие гIоло

ПОЮ[1], поёшь *и т.д. наст. вр. от* **петь**

ПО́Ю[2], по́ишь *и т.д. наст. вр.* **от пои́ ть**

ПОЯВИ́//ТЬСЯ *сов.* 1) (*показаться*) баккизе; **~лась луна́** моцI баккана (*бихьизе лъугьана*); **~лся незнако́мец** лъаларев чи ваккана (вачIана); **вдали́ ~лись огоньки́ дере́вни** рикIкIада росдал цIаял рихьизе лъугьана 2) (*возникнуть*) лъугьине; **~лось но́вое затрудне́ние** цIияб захIмалъи лъугьана (ккана) ◊ **~ться на свет** дунялалде вачIине (гьавизе, вижизе)

ПОЯВЛЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **появи́ ться**) бакки, лъугьин

ПОЯВЛЯ́ ТЬСЯ *несов. см.* **появи́ ться**

ПО́ЯС *м* 1) рачел; **затяну́ть ~** рачел къазе 2) (*талия*) рачелкъай; **войти́ в во́ду по ~** рачелкъаялде (рачлихъе) щвезегIан лъелъе лъугьине 3) *геогр.* пояс (*ракъул шаралъул кIиго меридианалда гьоркьобак1)*; **жа́ркий ~** багIарараб пояс ◊ **заткну́ть** *кого-л.* **за ~** *щивниги* рачлихъ вахъизе (*лъидасаниги бергьине, цеве ккезе*)

ПОЯСНЕ́НИ//Е *с* (*по гл.* **поясня́ ть**) баян кьей, бичIчIизаби, баян гьаби; **чертёж с ~ями** баяналгун цадахъ чертёж

ПОЯСНИ́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое баяналъул, баян кьолеб, бичIчIизабулеб; **~ые слова́** баян кьолел рагIаби, баян рагIаби

ПОЯСНИ́ТЬ *сов.* баян кьезе (гьабизе); бичIчIизабизе; **~ свои́ слова́** жиндирго рагIабазе (каламалъе) баян кьезе; ~ *что-л.* **приме́ром** *щибниги жо* мисалалдалъун бичIчIизабизе (баян гьабизе)

ПОЯСНИ́Ц//А *ж* цIалкIугъод; **боль в ~е** цIалкIугъодалъул унти

ПОЯСНЯ́ ТЬ *несов. см.* **поясни́ ть**

ПРАБА́БУШКА *ж* кIудияв инсул (*кIудил*) яги кIодоэбелалъул (*кIодол*) эбел (кIудил эбел, кIодол эбел)

ПРА́ВД//А *ж* **1.** (*истина*) битIараб, хIакъикъат, хIакъаб иш; **говори́ть ~у** битIараб бицине **2**. (*справедливость*) ритIухълъи; **стоя́ ть за ~у** битIараб ккун чIезе; битIаралда нахъвилъине; **~а на на́шей стороне́** ритIухълъи нилъер рахъалда (нилъехъан) буго **3**. *в знач. сказ.* битIараб буго **4**. *в знач. вводн. сл.* битIараб (битIун) буго; **он, ~а, уже́ приходи́ л** гьев, битIун буго, вачIун вукIана **5**. *в знач. союза уступ. (хотя)* **да́ча хоро́шая, ~а от ста́нции далеко́** дача лъикIаб буго, амма (бугониги) станциялдаса рикIкIад буго ◊ **все́ми ~ами и непра́вдами** битIараб бицун, гьереси бицун; сундухъго балагьичIого, сундасаго нахъе къачIого; **по ~е говоря́** битIун абуни (абулеб бугони); **~у сказа́ть** битIараб бицине; **~а глаза́ ко́лет** *посл.* битIаралъ бер бахъулеб

ПРАВДИ́ВОСТЬ *ж* 1) ритIухълъи, битIараб букIин, хIакъалъи; ~ **расска́за** хабаралъул ритIухълъи 2) (*искренность*) ракI рагьи, нахъарукъ гьечIолъи

ПРАВДИ́ В//ЫЙ, -ая, -ое 1) битIараб, хIакъаб; **~ое изве́стие** хIакъаб хабар 2) (*искренний*) ракI рагьараб; **~ый челове́к** ракI рагьарав чи

ПРАВДОПОДО́БНЫЙ, -ая, -ое битIараб гIадаб, битIаралда релъалъараб, божизесеб; хIакъикъаталда релъалъараб; ~ **слух** божизесеб хабар

ПРА́ВЕДНИК *м* 1) *рел.* рацIцIадго диналъул тIалабал тIуразарулев, гьезда рекъон гIумру гьабулев чи 2) *перен. ирон.* цIакъго витIарав, вацIцIадав чи

ПРА́ВЕДНЫЙ, -ая, -ое диналъе ритIухъав, гьелъул тIалабал тIуразарулев; цIакъго витIун хъвадулев, вацIцIадав

ПРА́ВИЛ//О *с в разн. знач.* правило, къагIида; **граммати́ ческие ~а** грамматикаялъул правилаби; **~а у́личного движе́ния** къватIазда хьвадиялъул правилаби (къагIидаби); **соблюда́ть ~а** правилаби дурусго (ритIун) хIалтIизаризе; къагIидабазда (правилабазда) рекъон тIубазабизе; правилаби цIунизе

ПРАВИ́ ЛО *с къадалъ гьецIо битIун лъезе хIалтIизабулеб* линейка, къадал устарасул линейка

ПРА́ВИЛЬНО 1. *нареч.* битIун, дурусго; ~ **произноси́ ть** битIун абизе, бахъизе (*рагIи, гьаракь*) **2**. *в знач. сказ.* битIун буго

ПРА́ВИЛЬНОСТЬ *ж* дуруслъи, битIун букIин; ~ **та́ктика** тактика битIун букIин

ПРА́ВИЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое *в разн. знач.* дурусаб, битIараб; **~ый отве́т** битIараб жаваб; **~ые черты́ лица́** битIараб куц-мухъ; **~ый треуго́льник** битIараб (*лъабабго бокIон, гьумер бащадаб*) треугольник (лъабокIон)

ПРАВИ́ ТЕЛЬ *м* хIаким; пачалихъалъул бетIер

ПРАВИ́ТЕЛЬСТВЕНН//ЫЙ, -ая, -ое хIукуматалъул (-аб); **~ая награ́да** хIукуматалъул шапакъат

ПРАВИ́ ТЕЛЬСТВО *с* хIукумат

ПРА́ВИТЬ[1] *несов. кем-чем* 1) хIакимлъи, бетIерлъи гьабизе; ~ **госуда́рством** пачалихъалъе бетIерлъи гьабизе 2) (битIун) бачине; ~ **ло́шадью** чу бачине (*тIадги рекIун*)

ПРА́ВИТЬ[2] *несов. что* 1) (*исправить*) битIизабизе; ~ **оши́ бки** гьалатIал ритIизаризе 2) (*точить*) рекIинабизе (чархида ккезе); ~ **бри́ тву** даллакнус рекIинабизе

ПРА́ВКА *ж* (*по гл.* **пра́вить[2]**) 1) (*исправление*) битIизаби; ~ **те́кста** текст битIизаби (текстадла гьалатIал ритIизари) 2) (*бритвы и т.п.*) рекIинаби, чархида ккквей

ПРАВЛЕ́НИ//Е *с* **1.** (*по гл.* **пра́вить[1]**) бетIерлъи гьаби, билълъанхъизаби 2) (*учреждение*) правление; **~е колхо́за** колхозалъул правление ◊ **бразды́ ~я** хIакимлъиялъул квелъ

ПРА́ВНУК *м* лъималазулги лъималазул вас (васакIол, ясакIол вас)

ПРА́ВНУЧКА *ж* лъималазулги лъималазул яс (васакIол, ясакIол яс)

ПРА́В//О *с* 1) ихтияр; **избира́тельное ~о** рищиязда гIа-хьаллъизе ихтияр; **~о на труд** хIалтIизе ихтияр 2) (*наука*) право; **междунаро́дное ~о** халкъазда гьоркьосеб право 3) *мн.* **~а́** право; **води́тельские ~а** (шоферасул) водителасул право; **лиши́ть ~** правоялдаса махIрум гьавизе 4) (*основание*) кьучI, хIужжа; гIилла; **с по́лным ~ом мо́жно сказа́ть** тIубараб кьучI букIун абизе бегьула; **вступи́ть в свои́ ~а́** жиндирго ихтияралде лъугьине (ихтиярал рилъалъанхъизаризе); **по ~у** ихтияр букIун

ПРА́ВО[2] *вводн. сл.:* **я, ~, не зна́ю, что мне де́лать** дида, хIакъикъаталда, лъаларо дица щиб гьабилебали (щиб гьабизе ккколебали)

ПРАВОВЕ́РНЫЙ *м* муъминав, иман бугев, диналъул тIалабаздаса таруларев

ПРАВОВО́Й, -ая, -ое ихтияралъулаб

ПРАВОМЕ́РНОСТЬ *ж* законалда данде ккей, битIун букIин

ПРАВОМЕ́РНЫЙ, -ая, -ое законалда рекъараб, данде кколеб; битIараб; ихтияралда рекъараб; ~ **посту́пок** законалда, ихтияралда данде кколеб иш

ПРАВОМО́ЧИЕ *с юр.* законнияб ихтияралъул тIубараб бетIергьанлъи (букIин)

ПРАВОМО́ЧНЫЙ, -ая, -ое тIубараб законнияб ихтияр бугев

ПРАВОНАРУШЕ́НИЕ *с юр.* закон хвезаби; законалдаса бахъараб иш; **трудово́е** ~ хIалтIул (захIматалъул) хIакъалъулъ закон, ихтияр хвезаби

ПРАВОНАРУШИ́ТЕЛЬ *м юр.* закон хвезабурав чи; такъсирчи

ПРАВОПИСА́НИЕ *с* битIунхъвай, орфография

ПРАВОСЛА́ВИЕ *с* православие (христиан диналъул аслиял мазгьабазул цояб)

ПРАВОСЛА́ВН//ЫЙ, -ая, -ое **1.** православный (христиан) диналъул; **~ая церковь** христианазул килиса **2.** *в знач. сущ.* **~ый** христианав (насранияв) **3.** в знач. сущ. **~ая** христианай (насранияй)

ПРАВОСУ́ДИЕ *с (юстиция*) 1) суд; пачалихъалда судалъулаб хIаракатчилъи; юстиция 2) законалъул ва ритIухълъиялъул кьучIалда гьабураб (къотIараб) хIукму

ПРА́В//ЫЙ[1], -ая, -ое 1) кваранаб; **~ая сторона́** кваранаб рахъ 2) *полит.* политикияб ва жамгIияб гIумруялъул цебетIураб рахъалъе тушманаб; *жибго партиялда жаниб* - партиялъул политикаялъе тушманаб

ПРА́ВЫЙ[2], -ая, -ое 1) битIараб, хIакъаб 2) (*невиновный*) гIайиб гьечIев, такъсир ккечIев 3) битIараб абулев, гьалатI ккечIев

ПРА́ВЯЩ//ИЙ, -ая, -ее бетIерлъи, хIакимлъи кодоб бугеб; **~ая па́ртия** бетIерлъи гьабулеб партия

ПРА́ДЕД *м* 1) кIудил (кIудияв инсул, кIудалал яги кIодоэбелалъул) эмен 2) *мн.* **~ы** (*предки*) умумул

ПРАДЕ́ДУШКА *м см.* **пра́дед**

ПРА́ЗДНИК *м* байрам, праздник ◊ **бу́дет и на́шей у́лице ~!** букIина нижер гьанибги байрам!

ПРА́ЗДНИЧНЫЙ, -ая, -ое байрамалъул, праздникалъул; ~ **день** байрамкъо

ПРА́ЗДНОВАНИЕ *с* (*по гл.* **пра́здновать**) байрам гьаби (тIобитIи)

ПРА́ЗДНОВАТЬ *несов.* байрам гьабизе (тIобитIизе); ~ **Пе́рвое ма́я** тIоцебесеб маялъул байрам тIобитIизе

ПРА́ЗДНОСТ//Ь *ж* 1) *уст.* хIалтIичIого, захIмат бихьичIого бетIербахъи гьаби 2) иш гьечIого чIей

ПРАЗДНОШАТА́ЮЩИЙСЯ, -аяся, -еюся *разг.* щибго иш гьечIого чIалгIаде тира-сверулев чи; лоти

ПРА́ЗДН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*без дела*) хIалтIичIого, кепалда гьабулеб; **~ая жизнь** кепаб, хIалтIичIого гьабулеб гIумру 2) *перен. (пустой)* чIобогояб, пайда гьечIеб; **~ый разгово́р** чIобогояб хабар (гара-чIвари)

ПРА́КТИК *м* хIалбихьи бугев, хIалбихьи щварав, хIалбихьиялда ругьунлъарав чи

ПРА́КТИК//А *ж в разн. знач.* хIалбихьи, практика; **сочета́ть тео́рию с ~ой** теорияги хIалбихьиги цоцалъ рекъезабизе; **быть на ~е** практикаялда вукIине; **уе́хать на ~у** практикаялде ине; **у него́ больша́я ~а преподава́ния** дарсал кьеялъул (мугIалимлъиялъул) гьесул кIудияб хIалбихьи буго

ПРАКТИКА́НТ *м* практикант (практикаялда вугев чи); **студе́нт – ~** практикаялда вугев студент, студент-практикант

ПРАКТИКАНТКА *ж* пратика́нтка

ПРАКТИКОВА́ТЬ *несов.* 1) *что* хIалтIизабизе; ~ **но́вый спо́соб** цIияб къагIида хIалтIизабизе, цIияб къагIидаялъул хIал бихьизе 2) (*проходить практику*) практикаялда вукIине

ПРАКТИКОВА́ТЬСЯ *несов.* 1) (*применяться на практике*) практикаялда, гIумруялда хIалтIулеб букIине, рекъон ккезе; рекъон букIине 2) (*в чём*) хIалбихьи щвезе; ~ **в ру́сском языке́** гIурус мацIалда хIалбихьи щвезе

ПРАКТИЦИ́ЗМ *м* теориялдаса хIалбихьиялде цIикIкIун кIвар кьей; практика цIикIкIун букIин; *цо сунденги* ишалъулаб бербалагьи

ПРАКТИ́ЧНОСТЬ *ж* 1) (*деловитость*) хIалбихьи букIин; иш лъай 2) (*пригодность*) ярагьин, бегьи, пайда букIин, санагIат букIин; ~ **спо́соба** къагIидаялъул (куцалъул, нухалъул) пайда букIин, ярагьин

ПРАКТИ́ЧНЫЙ, -ая, -ое 1) (*деловитый*) хIалбихьи бугев, иш лъалев 2) (*удобный, пригодный*) санагIатаб, квегIенаб; данде кколеб; ~ **ме́тод** санагIатаб, данде кколеб къагIида (метод); ~ **цвет** бегьулеб (данде кколеб, рекъолеб) кьер

ПРАМА́ТЕРЬ *ж см.* **прароди́тельница**

ПРА́ОТ//ЕЦ *м уст. см.* **прароди́тель** ◊ **отпра́вить к ~цам** *шутл.* хвезавизе; **отпра́виться к ~цам** хвезе

ПРАРОДИ́ТЕЛЬ *м* 1) кьолбол (тухумалъул) бетIер, кIудияв (*жиндасан кьибил байбихьарав*) 2) *мн. ч.* **~и** умумул

ПРАРОДИ́ТЕЛЬНИЦА *ж* кьолбол (тухумалъул) кIудияй (*жиндасан кьибил байбихьарай*)

ПРАХ *м* 1) *уст. (пыль)* хIур 2) (*останки*) хварав чиясул къаркъала, жаназа, хутIел ◊ **всё пошло́ ~ом** кинабго хIурудахъ ана; гьоркьоб ана; **пусти́ть в пух и** ~ хIурудахъ биччазе, тIагIинабизе

ПРА́ЧЕЧНАЯ *ж* ретIел чурулеб бакI (черолеб бак1)

ПРА́ЧКА *ж* ретIел чурулей (черолей) чIужу

ПРАЩА́ *ж ист.* гамачI рехулеб некIсияб рагъул алат

ПРА́ЩУР *м* тухумалъул, кьолбол бетIер (*тухум жиндасан байбихьарав*)

ПРАЯЗЫ́К *м лингв.* некIсияб, цIакъ цебегосеб, гIагарал мацIазе гIахьалаб мацI; теориялда рекъон, гьелги данде ккун, чIезабураб мацI (*цо кидаялиго букIараб мац1)*

ПРЕА́МБУЛА *ж* преамбула (*кинаб букIаниги законалъулаб актальул, халказда гьоркьосеб къотIиялъул цебергIи)*

ПРЕБЫВА́НИ//Е *с* (*по гл.* **пребыва́ть**) вукIин, чIей; **~е в доро́ге** нухда (сапаралда) вукIин; **ме́сто постоя́нного ~я** цо ккураб (даимаб) чIараб бакI

ПРЕБЫВА́ТЬ *несов.* вукIине; ~ **у вла́сти** бетIерлъуда ву-кIине; ~ **в уны́нии** пашманлъун вукIине, ракI бекун, гIодов чIван вукIине

ПРЕВАЛИ́РОВАТЬ *несов. над чем-кем и без доп.* тIокIлъи букIине

ПРЕВЗО//ЙТИ́ *сов. кого-что* 1) (*превысить*) цIикIкIине, тIокI борчIизе, цIикIкIел букIине; **дохо́ды ~шли́ расхо́ды** харжаздаса хайир цIикIкIана; **э́то ~шло все ожида́ния** гьеб хьулалдасаги (ракIалда букIаралдасаги) тIокI борчIана, цIикIкIана 2) (*обнаружить превосходство*) тIокIлъи букIин загьирлъизе; **~йти́ всех остроу́мием** гIакълу-цIодорлъиялъул рахъалъ киназдасаго тIокI вукIине, тIокIлъизе ◊ **~йти́ самого́ себя́** бажариларин ккараб жо гьабизе кIвезе (*жиндасаго бергьине*)

ПРЕВОЗМОГА́ТЬ *несов. см.* **превозмо́чь**

ПРЕВОЗМО́ЧЬ *сов. что* къезабизе, бергьине (*сундасаниги),* къвинабизе; ~ **уста́лость** свак къезабизе, къвинабизе; свакалдаса бергьине

ПРЕВОЗНЕСТИ́ *сов. кого-что* кIодо гьабизе; цIикIкIун веццизе, кIудияб къимат кьезе ◊ ~ **до небе́с** веццун зодове вахинавизе; цIакъ кутакалда веццизе

ПРЕВОСХОДИ́ТЕЛЬСТВО *с* (дур) тIадегIанлъи, тIадегIанав *(революциялде щвезегIан тIадегIанал хъулухъазул гIадамазул, генерализабазул хIурмат гьабун абулеб букIараб рагIи)*

ПРЕВОСХОДИ́ТЬ *несов. см.* **превзойти́**

ПРЕВОСХО́ДН//ЫЙ, -ая, -ое цIакъ лъикIаб, гIемер лазатаб; **~ая мысль** цIакъ лъикIаб пикру; **~ая пого́да** цIакъ лазатаб гьавабакъ

ПРЕВОСХО́ДСТВО *с* тIокIлъи, цIакълъи; ~ **в те́хнике** техникаялъул тIокIлъи, цIакълъи; **доказа́ть своё** ~ жиндирго тIокIлъи чIезабизе, бихьизабизе

ПРЕВРАТИ́ТЬ *сов. кого-что в кого-что* сверизабизе, буссинабизе; ~ **лёд в во́ду** цIер лъеде сверизабизе; ~ **де́ло в шу́тку** иш махсараялде сверизабизе

ПРЕВРАТИ́ //ТЬСЯ *сов. в кого-что* сверун ине, сверизе, бу-ссине; **вода́ ~лась в лёд** лъим цIералде сверун ана (сверана)

ПРЕВРА́ТНО *нареч.* хисардун, битI гьечIого, ккечIого; мекъса, батIайиса; **поня́ть** ~ *чьи-л.* **слова́** *лъилниги* ргIаби (калам) батIайиса ричIчIизе

ПРЕВРА́ТНОС//ТЬ *ж* 1) (*изменчивость*) хисарди, битIгьечIолъи, цо хIалалда чIунгутIи; **~ть сча́стья** талихIалъе

битIкке-чIолъи; **~ь мне́ния** пикру хиси 2) (*ложность*) гьересияб, мекъаб букIин

ПРЕВРА́ТН//ЫЙ, -ая, -ое 1) *уст. (изменчивый)* хисардулеб, цо хIалалда чIолареб; битI гьечIеб; **~ое сча́стье** хисардулеб талихI 2) (*ложный*) гьересияб, мекъаб; **~ое поня́тие** *о чём-л. сундулниги хIалакъалъулъ* мекъаб бичIчIи

ПРЕВРАЩА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **преврати́ть(ся)**

ПРЕВРАЩЕ́НИЕ *с* **1. (***по гл.* **преврати́ть**) свéри, буссин **2**. (*по гл.* **преврати́ться**) сверун ин

ПРЕВЫ́СИТЬ *сов. что* 1) цIикIкIун гьабизе; цIикIкIинабизе; **~ но́рму** нормаялдаса цIикIкIун гьабизе 2) (*выйти за пределы допустимого*) тIокI борчIизе, кколелдаса эхеде ине, гIурхъи бахине; **~ полномо́чия** кьурал ихтияраздаса тIокI ворчIизе

ПРЕВЫША́ТЬ *несов. см.* **превы́сить**

ПРЕВЫ́ШЕ *нареч.* тIадегIан (*букIине)*; **любо́вь к оте́честву ~ всего́** сундасаго (киналдасаго) ватIаналде (инсул ракьалде) бугеб рокьи тIадегIанаб буго

ПРЕВЫШЕНИЕ *с* **1.** (*по гл.* **превы́сить**) цIикIкIин, цIикIкIинаби; **~ дохо́дов над расхо́дами** харжаздаса хайирал цIикIкIин **2**. (*излишек*) тIокIлъи́; **вы́полнить план с ~м** план тIокIлъигун (цIикIкIунги) тIубазабизе

ПРЕГРА́Д//А *ж* квекIен; сангар, галан; захIмалъи; **преодоле́ть все ~ы** киналго квекIенал къезаризе (квекIеназдаса бергьине)

ПРЕГРАДИ́ТЬ *сов. что* цебе гали лъезе, квекIен гьабизе, нух къазе; **~** *кому-л.* **путь** *лъие бугониги* нух къазе (гьукъизе)

ПРЕГРАЖДА́ТЬ *несов. см.* **прегради́ть**

ПРЕД *предлог см.* **пе́ред**

ПРЕД- (ПРЕДЪ-) *приставка* 1) **предви́деть:** цебеккунго бихьизе, лъазе 2) **предго́рье:** мугIрул ракъанде къараб бакI, мегIералда цебе бугеб бакI 3) **предвое́нный:** рагъда цебесеб

ПРЕДАВА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **преда́ть(ся)**

ПРЕДА́НИЕ[1] *с* (*по гл.* **преда́ть**): **~ суду́** судалде кьей; **~ огню́** цIадае бай (цIадуе кьей), бухIи; **~ земле́** ракьулъ лъей (вукъи)

ПРЕДА́НИ//Е[2] *с (легенда) (умумузул)* бицен; **наро́дное ~е** халкъияб бицен

ПРЕ́ДАННОСТЬ *ж* ритIухълъи, ракI-ракIалъ мутIигIлъи; **~ ро́дине** ватIаналъе ритIухълъи

ПРЕ́ДАННЫЙ, -ая, -ое ритIухъав, ракI-ракIалъ мутIигIав; **~ друг** ритIухъав, чIара-хьарав гьудул

ПРЕДА́ТЕЛЬ *м* хиянатчи; ватIаналъе хилиплъарав чи; хаин

ПРЕДА́ТЕЛЬНИЦА *ж* хиянатчIужу, ватIаналъе хилиплъарай гIадан

ПРЕДА́ТЕЛЬСК//ИЙ, -ая, -ое 1) хиянатаб 2) макруяб, хIиллаяб, рекIкIаб, божударекIкIкI гьабураб; **~ий посту́пок** хиянатаб иш; **~ий смех** макруяб релъи; **~ая пого́да** рекIкIаб гьава-бакъ

ПРЕДА́ТЕЛЬСТВО *с* хиянат; хиянатчилъи, хилиплъи, хаинлъи

ПРЕДА́ТЬ *сов. кого-что* 1) (*изменить*) хилиплъизе; **~ своего́ дру́га** жиндирго гьудулаце хилиплъизе 2) (*подвергнуть чему-л.*): **~ суду́** судалде кьезе, цIазе; **~ забве́нию** кIочон тезавизе; **~ земле́** вукъизе, ракъулъ лъезе

ПРЕДА́ТЬСЯ *сов.* 1) *кому уст. лъилниги* кверщаликье ине, кверде ине; **~ врагу́** тушманасул кверде (рахъалде) ине 2) *чему сундулниги* кверщаликье ккезе; **~ мечта́м** анищазул кверщаликье ккезе (анищал гьаризе)

ПРЕДВАРИ́ТЕЛЬНО *нареч.* цебеккун

ПРЕДВАРИ́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое 1) *сунданиги* цебеккунисеб; **~ая подгото́вка** цебеккунисеб хIадурлъи; **~ая прода́жа биле́тов** цереккунго белтал ричи; **~ое соглаше́ние** цебеккун гьабураб разилъи, къотIи-къай

ПРЕДВЕ́СТИ//Е *с* цебехъан; *щибниги* тIаде щолеб, бачIунеб, гIагарлъулеб букIин цебеккунго лъазабулеб гIаламат; **~я весны́** ихдалил церехъаби (*их тIаде щолеб букIиналъул гIаламатал)*

ПРЕДВЕ́СТНИК *м* 1) цебеккун *щибниги* лъазабулев чи 2) иш ккелалде цебе загьирлъараб гIаламат

ПРЕДВЕЩА́//ТЬ *несов. что* цебеккун *щибниги* лъазабизе, бицине; цебехъанлъун, чапарлъун букIине; **э́то не ~ет ничего́ хоро́шего** гьелъ цебеккун щибниги лъикIаб жо бицунеб гьечIо; **ту́чи ~ли грозу́** накIкIаз зоб гъугъан цIад балеблъи бицунеб букIана; (накIкIал зоб гъугъан цIадаллъул чапарзабилъун рукIана)

ПРЕДВЗЯ́ТОСТЬ *ж* цебеккун, сундулгунниги-лъилгунниги лъай-хъвай гьабилалде, хIакъикъиял хIужжабиги хIисабалде росичIого, бижараб пикру; ургьичIого кьураб къимат, бижараб пикру

ПРЕДВЗЯ́Т//ЫЙ, -ая, -ое цебеккун, сундулгунниги-лъил-гунниги лъай-хъвай гьабилалде, хIакъикъиял хIужжабиги хIисабалде росичIого, бижараб, кьураб; хIакъикъияб гуреб

ПРЕДВИ́ДЕНИЕ *с* цебеккунго лъай; букIинесеб, ккелесеб цебеккунго бичIчIи, хIисабалде босун букIин; **нау́чное ~** гIелмияб куцалъ букIинесеб, ккелесеб цебеккунго би́чIчIи, лъай

ПРЕДВИ́ДЕТЬ *несов. что* цебеккунго лъазе; букIинесеб, ккелесеб цебеккунго бичIчIизе, хIисабалде босизе; **~ ход собы́тий** лъугьа-бахъиназул ин цебеккунго бичIчIизе

ПРЕДВИ́Д//ЕТЬСЯ *несов.* цебеккунго лъан букIине; букIинесеб, ккелесеб цебеккунго бичIчIун, хIисабалде босун букIине; **~ятся моро́зы** квачазе (цIорозе) букIин цебеккунго лъалеб буго

ПРЕДВКУША́ТЬ *несов.* цебеккунго *сундасанниги* лъикIаб, ракI бохизабулеб асар щвезе; кIудияб гьирагун *сундухъниги* балагъун чIезе

ПРЕДВКУШЕ́НИЕ *с* цебеккунго *сундасанниги* лъикIаб, ракI бохизабулеб асар щвей

ПРЕДВОДИ́ТЕЛЬ *м* цевехъан; къокъадул, аскаралъул, къавмалъул бетIер

ПРЕДВОДИ́ТЕЛЬНИЦА *ж* цеехъан; къокъадул, аскара-лъул, къавмалъул бетIер

ПРЕДВОДИ́ТЕЛЬСТВО *с* цебехъанлъи; къокъадуе, къавмалъе, аскаралъе бетIерлъи гьаби ◊ **под ~м** *кого-л. лъилниги* бетIерлъиялда гьоркь

ПРЕДВОДИ́ТЕЛЬСТВОВАТЬ *несов. кем-чем* цебехъанлъи, бетIерлъи гьабизе

ПРЕДВОСХИТИ́ТЬ *сов. кого-что щибниги жо* цогидаздаса цебе гьабизе, хIалтIизабизе; **~ отве́т на вопро́с** суалалдаса жаваб цебе ккезе; цебеккунго нахъгIунтIизе; **~** *чью-л.* **мысль** *лъилниги* пикруялда цебеккунго нахъгIунтIизе

ПРЕДВОСХИЩА́ТЬ *несов. см.* **предвосхити́ть**

ПРЕДВЫ́БОРН//ЫЙ, -ая, -ое рищиязда цебесеб; **~ое собра́ние** рищиязда цебесеб собрание

ПРЕДГО́РЬЕ *с* мугIрул ракьан, ракьанлъи; мегIералда цебесеб бакI

ПРЕДДВЕ́РИ//Е *с* 1) *уст.* нуцIикIалтIу, нуцIикIалтIа бакI 2) *перен. (канун) кинаб букIаниги* лъугьа-бахъин ккелалде гьелда цебесеб (гIагараб) заман; **в ~и собы́тий** лъугьа-бахъинал ккелалде цебе

ПРЕДЕ́Л *м* 1) (*граница*) гIурхъи, дазу; **вы́ ехать за ~ы го́рода** шагьаралъул гIорхъиялдаса (*гIурхъи бахун*) къватIивехун ине; **в ~ах го́рода** шагьаралъул гIурхъиялда жаниб; шагьаралда жаниб (гIурхъиялдаса къватIибехун инчIого) 2) *перен. (промежуток времени)* гIурхъи чIвараб заман, цIараб заман; **в ~ах го́да** лъагIалида жаниб; **в ~ах ука́занного сро́ка** бихьизабураб (цIараб) заманалда (болжалалда) жаниб 3) (*крайняя степень*) тIарамагъасеб (ахирияб) даража; **~ нагру́зки маши́ны** машинаялъ хIехьолеб (хIехьезе кIолеб) юкалъул даража (гIурхъи) 4) *перен. (конец)* ахир; **всему́ есть ~** сундулго буго (букIуна) ахир 5) *перен. (верх чего-л., идеал):* **~ мечта́ний** анищазул тIогь

ПРЕДЕ́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*крайний)* тIарамагъадасеб; **~ый срок** тIарамагъадасеб болжал 2) (*доведённый до предела*) бищунго цIикIкIараб, гIорхъолъе щвараб; **~ая ско́рость** бищунго цIикIкIараб хехлъи

ПРЕДЗНАМЕНОВА́НИЕ *с* цебеккун букIунеб гIаламат; ричIчI; **хоро́шее ~** лъикIаб гIаламат

ПРЕДИКА́Т *м грам.* сказуемое

ПРЕДИКАТИ́ВНЫЙ, -ая, -ое сказуемоялъул(аб)

ПРЕДИСЛО́ВИ//Е *с* цебергIи ◊ **без ~й** цебергIи гьечIого, халат гьабичIого

ПРЕДЛАГА́ТЬ *несов. см.* **предложи́ть**

ПРЕДЛО́Г[1] *м* багьана, гIилла, сабаб, далил; **под ~ом боле́зни** унтул багьанаги батун (багьанаде унтиги ккун)

ПРЕДЛО́Г[2] *м грам.* предлог

ПРЕДЛОЖЕ́НИЕ[1] *с* **1. (***по гл.* **предложи́ть**) хIадурав вукIин, бокьун букIин лъазаби; **~ по́мощи** кумекалъе хIадурав

вукIин лъазаби **2**. (*для обсуждения, рассмотрения*) хал гьабизе, гьоркьоб лъезе лъикIаблъун бихьизаби **3**. (*о браке*) бихьинчияс чIужугIаданалда жиндиргун ригьин гьабеян (ригьнаде лъугьаян) гьари **4**. *эк.*: **спрос превыша́ет ~** бичулеб къайидулалдаса босизе къваригIаралъул къадар цIикIкIунеб буго

ПРЕДЛОЖЕ́НИ//Е[2] *с грам.* предложение; **члéны ~я** предложениялъул членал; **разбóр ~я** предложениялъул разбор (бутIабазде биххи); **безли́чное ~е** подлежащее гьечIеб предложение; **ввóдное ~е** гьоркьоб ккараб предложение; **второстепéнные члéны ~я** предложениялъул бетIерал гурел членал; **глáвное ~е** бетIераб предложение; **назывнóе ~е** цIарлъовул предложение; **повествовáтельное ~е** хабарияб предложение; **придáточное ~е** тIаджубараб предложение; **простóе ~е** гIадатаб предложение; **сложноподчинённое ~е** жубараб нахъбилълъараб предложение; **сложносочинённое ~е** жубараб сокIкIараб предложение

ПРЕДЛОЖИ́ ТЬ *сов.* 1) *кого-что и с неопр. (предоставить)* кьезе; пайда босизе рес кьезе; **~ свою́ пóмощь** жиндир кумекалдаса пайда босизе рес кьезе 2) *кого-что и с неопр. (на рассмотрение, на выбор)* хал гьабизе, тIаса бищизе рес кьезе; **~ нóвый проéкт** цIияб проект хал гьабизе, тIаса бищизе рес кьезе 3) *что и с неопр. (задать)* кьезе, цебе лъезе; **~ трýдную задáчу** захIматаб масъала цебе лъезе 4) *с неопр. (потребовать)* тIалаб гьабизе; **~ закóнчить рабóту в недéльный срок** анкьил болжалалда хIалтIи лъугIизабеян тIалаб гьабизе ◊ **~ тост** *щивниги* кIодо гьавун тост борхизе

ПРЕДЛÓЖНЫЙ, -ая, -ое *грам.* предлоггун цадахъ хIалтIизабулеб, предлог бугеб

ПРЕДМÉСТЬЕ *с* шагьаралда аскIобегIан бугеб росу-ракь

ПРЕДМÉТ *м* 1) (*вещь*): **~ы пéрвой необходи́мости** тIоцебесеб иргаялда чара гьечIого хIажалъулел жал, къайи-къоно 2) (*тема*): **~ нау́чного иссле́дования** гIелмияб цIех-рехалъул тема (цIех-рех гьабулеб суал) 3) (*цикл знаний*) предмет; **получи́ ть отли́ чно по всем ~ам** киналго предметазе щуйилал щвезе

ПРЕДМÉТНИК *м* хасаб цIалул предмет малъулев мугIалим (учитель)

ПРЕДНАЗНАЧÁТЬ *несов. см.* **предназнáчить**

ПРЕДНАЗНАЧЕ́НИЕ *с* 1) хасаб борч; гIумру гьабиялъул магIна 2) *высок.* къисматалъго чиясе кьураб борч, тIадкъай; **высóкое ~ писáтеля** къисматалъ хъвадарухъанасе кьураб борч

ПРЕДНАЗНÁЧИТЬ *сов. кого-что* цебеккунго баян гьабизе, чIезабизе; **~ дéньги на поéздку** сапаралъе (къваригIунеб) гIарац цебеккунго чIезабизе, батIа гьабизе

ПРЕДНАМÉРЕННОСТЬ *ж* цебеккун ургъунго хIадур гьаби (гьабун букIин)

ПРЕДНАМÉРЕННЫЙ, -ая, -ое цебеккун ургъунго хIадур гьабураб; **~ посту́пок** ургъунго хIадур гьабураб иш

ПРЕДНАЧЕРТÁНИЕ *с* цебеккунго хIисабалде босараб жо

ПРЕДНАЧЕРТÁТЬ *сов. что* цебеккунго бихьизабизе, хIисабалде босизе; **~ поря́док дéйствия** цебеккунго хIисабалде босараб ишалъул тартиб бихьизабизе

ПРЕ́ДО *предлог см.* **пéред**; **~ мной** дида цебе

ПРЕ́Д//ОК *м* 1) цIакъго цересел умумузул чи, умумав 2) *мн.* **~и** умумул

ПРЕДОПРЕДЕЛИ́ //ТЬ *сов. что* цебеккунго мухIкан гьабун чIезабизе, лъазабизе; **удáчное начáло ~ло́ дальне́йший успéх** хадусеб бергьенлъи цебеккун битIун ккараб байбихьиялда бараб букIана

ПРЕДОПРЕДЕЛЯ́ ТЬ *несов. см.* **предопредели́ ть**

ПРЕДОСТÁВИТЬ *со.* 1) *кого-что кому-чему (отдать в распоряжение) щивниги-щибниги лъилниги-сундулниги* бетIергьанлъиялъе, хIалтIизабизе, пайда босизе кьезе 2) *кому-чему что и с неопр. (дать право сделать что-л.*) *лъиениги щибниги* гьабизе ихтияр кьезе; **~ реши́ть самому́** хIукму гьабизе жиндиего ихтияр кьезе; **~ сло́во** рагIи кьезе ◊ **~ самому́ себе́** а) (*дать свободу действий*) гьабулеб ишалъе эркенлъи кьезе; б) (*оставить без присмотра*) бала-гъалагьи гьабичIого тезе (ахIуд виччан тезе)

ПРЕДОСТАВЛЕ́НИЕ *с (по гл.* **предостáвить**) хIалтIизабизе, пайда босизе кьей; *щибниги* гьабизе ихтияр кьей

ПРЕДОСТАВЛЯ́ ТЬ *несов. см.* **предостáвить**

ПРЕДОСТЕРЕГÁТЬ *несов. см.* **предостерéчь**

ПРЕДОСТЕРЕЖЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **предостерéчь**) цебеккунго *сундасаниги* цIуни; цIодор гьави, цIодор гьавун тей

ПРЕДОСТЕРЕ́ЧЬ *сов. кого-что сундасаниги* цIунизе; цIодор гьавизе, цIодор гьавун тезе; **~ от опáсности** (*тIаде бачIунеб*) хIинкъиялдаса цIунизе

ПРЕДОСТОРО́ЖНОСТ//Ь *ж* цIакъго цIодорлъи, цIодорлъи гьаби; **мéры ~и** цIодорлъиялъе гьарулел тадбирал

ПРЕДОСУДИ́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое квешаблъун, къадараб-лъун рикIкIине мустахIикъаб; **~ посту́пок** къадараб иш

ПРЕДОТВРАТИ́ ТЬ *сов. что* цебеккунго нахъчIвазе, гьукъизе, лъугIизабизе (*сундуениги квалкал гьабулеб, мурадалде щвезе биччалареб иш*); цебеккунго лъазабизе (лъазабун тезе); **~ опáсность** хIинкъиялдаса цебеккунго цIунизе (хIинкъи цебеккунго лъугIизабизе)

ПРЕДОТВРАЩÁТЬ *несов. см.* **предотврати́ ть**

ПРЕДОТВРАЩЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **предотврати́ ть**) цебеккунго нахъчIвай, гьукъи, лъугIизаби; **борьбá за ~ нóвой войны́** цIияб рагъ гьукъиялъе гIоло кьеркьей

ПРЕДОХРАНЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **предохрани́ть**) цереккунго гьарурал тадбираз цIуни; *лъидасанниги-сундасанниги* бугеб хIинкъиялдаса цIуни; **~ дéрева от гние́ния** гъветI туриялдаса цIуни

ПРЕДОХРАНИ́ТЕЛЬ *м тех.* предохранитель (*тункIил, гранатаялъул, счетчикалъул*)

ПРЕДОХРАНИ́ ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое цIунизе бугеб; жинца, щибниги ккезе течIого, цIунулеб; цIодорлъи гьабизе бугеб; **~ая приви́вка** (*унтудаса*) цIунизе гьабулеб прививка; **~ый кла́пан** цIунизе бугеб клапан

ПРЕДОХРАНИ́ ТЬ *сов. кого-что* цIунизе, цереккунго гьарурал тадбираз цIунизе, *лъидасаниги-сундасаниги* цIунизе; **~ от пóрчи** берккеялдаса цIунизе

ПРЕДОХРАНЯ́ ТЬ *несов. см.* **предохрани́ ть**

ПРЕДПИСÁНИЕ *с* (*по гл.* **предписáть**) 1) *офиц.* буюрухъ приказ; **секрéтное ~** балъгояб приказ (буюрухъ) 2) (**наставлéние**) насихIат, малъа-хъвай; **~ врачá** тохтурасул малъа-хъвай

ПРЕДПИСÁТЬ *сов. что кому и с неопр.* 1) *офиц.* приказ (буюрухъ) кьезе 2) (*назначить*) чIезабизе; бихьизабизе; **~ дие́ту** (*унтарасе*) диета чIезабизе

ПРЕДПИ́ СЫВАТЬ *несов. см.* **предписáть**

ПРЕДПЛЕ́ЧЬЕ *с анат.* гъеж (*гIункIрукьалдаса кверде щвезегIан*)

ПРЕДПЛЮ́ СНА *ж анат.* тIасахIетIе

ПРЕДПОЛАГÁ//ТЬ *несов.* 1) *см.* **предположи́ ть** 2) *с неопр. (намереваться)* ракIалда букIине; **он ~ет вы́ ехать зáвтра** гьесда ракIалда буго метер ине (къватIиве вахъине) 3) *что (иметь своим условием)* шартIлъун букIине

ПРЕДПОЛАГÁ//ТЬСЯ *несов.* ракIалда букIине, къасд букIине, нигат букIине; **рабóту ~ется зако́нчить чéрез недéлю** хIалтIи анкьидасан лъугIизабизе ракIалда буго; **заседáние ~ется устрóить вéчером** данделъи къаси гьабизе ракIалда буго

ПРЕДПОЛОЖЕ́НИЕ *с* 1) (*догадка*) гьадин батилилан ракIалъ хIисаб гьаби 2) (*намерение*) ракIалда букIин, къасд букIин

ПРЕДПОЛОЖИ́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое гьадин батилилан тараб; ракIалъ хIисаб гьабураб, чIезабураб

ПРЕДПОЛОЖИ́ТЬ *сов. что* пикру гьабизе, ракIалде ккезе; гьадин батилилан тезе, ракIалъ хIисаб гьабизе; **предполо́жим, что ты прав** мун витIун (витIарав) вугилан тезинха

ПРЕДПОСЛÁТЬ *сов. что чему щибниги* бициналде, байбихьилалде гьелда хурхун байбихьулаб баян кьезе, цеберагIи абизе; **~ докла́ду не́сколько о́бщих замеча́ний** доклад байбихьилалде цо чанго гIаммаб замечание гьабизе

ПРЕДПОСЛЕ́ДНИЙ, -яя, -ее тIарамагъадаселда (ахириселда) цебесеб; **~ но́мер журна́ла** журналалъул тIарамагъаселда цебесеб номер

ПРЕДПОСЫЛÁТЬ *несов. см.* **предпосла́ть**

ПРЕДПОСЫ́ ЛК//А *ж* 1) (*условие*) (*цебесеб, цебеккун къваригIунеб*) шартI; **~ успе́ха** бергьиналлъе (мурадалде щвеялъе) шартI 2) (*исходный пункт какого-л. рассуждения*) *кинаб букIаниги* пикру байбихьулеб, гьеб жинда тIад бижараб бакI

ПРЕДПОЧ//ЁСТЬ *сов. кого-что кому-чему и с неопр.* цо жо цогидалдаса лъикIаблъун, тIокIаблъун рикIкIине; бокьизе; **он ~ёл оста́ться до́ма** гьесие рокъов чIезе бокьана

ПРЕДПОЧИТА́ТЬ *несов. см.* **предпоче́сть**

ПРЕДПОЧТЕ́НИЕ *с* цо жо цогидалдаса лъикIаблъун, тIокIаблъун рикIкIин; бокьи; **отда́ть ~** *щибниги* тIокIаблъун, лъикIаблъун рикIкIине

ПРЕДПОЧТИ́ ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое *лъицаялиго* тIокIаблъун, лъикIаблъун рикIкIараб; *лъиеялиго* цогидалда данде ккун лъикIаб

ПРЕДПРА́ЗДНИЧН//ЫЙ, -ая, -ое байрамалда цебесеб; **~ая торго́вля** байрамалда цебесеб даран-базар

ПРЕДПРИ́ЙМЧИВОСТЬ *ж* жигар букIин, иш бетIералде боси; жигарчилъи, бетIералде босун иш гьаби; речIчIа-регIи; речIчIа-регIун гьабулеб хIалтIи

ПРЕДПРИИ́ МЧИВЫЙ, -ая, -ое жигар бугев, хIаракат бугев; иш бетIералде босулев, бетIералде босун иш гьабулев; **~ челове́к** жигар, хIаракат бугев чи; речIчIа-регIарав чи

ПРЕДПРИНИМА́ТЕЛЬ *м* фабрик-заводазул, дармилал бакIазул бетIергьан, капиталист

ПРЕДПРИНИМА́ТЬ *несов. см.* **предприня́ ть**

ПРЕДПРИНЯ́ ТЬ *сов. что щибниги* гьабизе лъугьине, жувазе, байбихьизе; **~ необходи́ мые ме́ры** хIажатал тадбирал гьаризе

ПРЕДПРИЯ́ТИЕ *с* 1) предприятие; **госуда́рственное ~** пачалихъалъулаб предприятие (гIуцIи) 2) (*предпринятое дело*) гьабизе байбихьараб иш; **интере́сное ~** интересаб, гьира балеб иш; **риско́ванное ~** хIинкъи бугеб иш; таваккал тIамизе ккараб иш

ПРЕДРАСПОЛАГА́ТЬ *несов.* 1) *см.* **предрасположи́ть** 2) (*способствовать*) гьира базабизе, квербакъи гьабизе; **обстано́вка ~ла к заня́ тиям** ахIвал-хIалалъ хIалтIуде гьира базабуна

ПРЕДРАСПОЛОЖЕ́НИЕ *см.* **предрасполо́женность** *ж* 1) гьетIи, рекIел балагьи, цIайи букIин; рекIее бокьи; **~ к му́зыке** музыкаялде рекIел цIайи букIин 2) цереккунго шартIал рукIин (*унтиялъе*); **~ к туберкуле́зу** гьуърузул унти ккеялъе (чехоткаялъе) санагIатал шартIал рукIин

ПРЕДРАСПОЛОЖИ́ТЬ *сов. кого-что* 1) живго вокьизавизе, жиндехунго цIазе 2) цереккунго шартIал рукIинаризе; рекIел балагьи, цIайи букIине; **~ в свою́ по́льзу** цебеккунго жиндиего пайдаялъе шартIал рукIинаризе

ПРЕДРАССВЕ́ТНЫЙ, -ая, -ое хъахIлъи рехилалде цебесеб, рогьалида цебесеб; **~ тума́н** радакьго лъураб гIодонакIкI

ПРЕДРАССУ́Д//ОК *м* кьучI гьечIеб божи; **религио́зные ~ки** кьучI гьечIел пикраби, хIакъикъиял гурел жалазда божи; хасиятаблъун лъугьараб мекъияб пикру

ПРЕДРЕША́ТЬ *несов. см.* **предреши́ ть**

ПРЕДРЕШИ́ ТЬ *сов.* цебеккунго *сундуениги* хIукму къотIизе; *сундулниги* гIиллалъун букIине; **~ вопро́с** суал тIубаялъе цебеккунго хIукму къотIизе (гьабизе); **~ исхо́д борьбы́** къеркьеялъул хIасил цебеккунго гьабизе

ПРЕДСЕДА́ТЕЛЬ *м* 1) председатель; **~ колхо́за** колхоза-лъул председатель 2) (*в составе названия главы государства, правительства*) председатель; **председа́тель прави́тельства** хIукуматалъул председатель

ПРЕДСЕДА́ТЕЛЬСКИЙ, -ая, -ое председателасул(аб)

ПРЕДСЕДАТЕЛЬСТВО *с* председателлъи; ◊ **под ~ м** *кого-либо лъилниги* председателлъиялда гъоркь (*лъицаниги* председателлъиги гьабун)

ПРЕДСЕДА́ТЕЛЬСТВОВАТЬ *несов.* председателлъи гьабизе; **~ на собра́нии** собраниялда председателлъи гьабизе

ПРЕДСЕ́РДИЕ *с анат.* рекIел тIасиял тIулби (бутIаби)

ПРЕДСКАЗА́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **предсказа́ть)** лъугьине бугеб жо цебеккунго лъазаби, бицин **2**. (*то, что предсказано*) цебеккунго бицараб, лъазабураб жо; къотIараб пал

ПРЕДСКАЗА́ТЕЛЬ *м* букIинесеб цебеккунго бицунев чи; пал къотIулев чи, балъго лъалев чи

ПРЕДСКАЗА́ТЕЛЬНИЦА *ж* букIинесеб цебеккунго бицуней гIадан; пал къотIулей чIужу, балъго лъалей гIадан

ПРЕДСКАЗА́ТЬ *сов. что* букIинесеб цебеккунго бицине, лъазабизе; пал къотIизе; **~ бу́дущее** букIинеселъе пал къотIизе

ПРЕДСКА́ЗЫВАТЬ *несов. см.* **предсказа́ть**

ПРЕДСМЕ́РТН/ЫЙ, -ая, -ое хвалда цебесеб; **~ый вздох** хвалда цебесеб угьун биччай (*хIухьел*); **~ое завеща́ние** хвалда цебесеб васигат

ПРЕДСТАВА́ТЬ *несов. см.* **предста́ть**

ПРЕДСТАВИ́ТЕЛЬ *м* вакил; **торго́вый ~** дармилав вакил; **э́тот цвето́к – ~ се́верной фло́ры** гьаб тIегь севералъулаб гъветIхералъул тайпа ккола

ПРЕДСТАВИ́ ТЕЛЬНИЦА *ж* вакил (*чIужугIадан*)

ПРЕДСТАВИ́ ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*выборный*) бищараб, вакилзабаздасан данде гьабураб; киназулго пикру, интерес загьир гьабулеб; **~ое собра́ние** вакилзабазул собрание 2) (*авторитетный*) къадруяв, хIурматав 3) (*солидный*) исбагьияв, беричав

ПРЕДСТАВИ́ ТЕЛЬСТВО *с* 1) вакиллъи, вакиллъи букIин 2) вакиласул борч тIубай; вакиласул ихтиярал рукIин; вакиласул хъулухъ, ихтиярал ва тIадал ишал 3) *лъилниги* мурадал (интересал) цIунулеб идара

ПРЕДСТА́В//ИТЬ *сов.* 1) *что (доставить, подать*) кьезе, щвезабизе; **~ить отчёт** отчёт кьезе 2) *что (предъявить*) бихьизе; **~ить паспо́рт** паспорт бихьизе 3) *кого-что кому (познакомить)* лъай-хъвай гьабизе; **~ить го́стя собра́вшимся** данделъаразулгун гьоболасул лъай-хъвай гьабизе (данделъаразда гьобол вихьизавизе) 4) *кого-что к чему* вихьизавизе; **~ить к награ́де** наградаялъе (шапакъат кьезе) вихьизавизе 5) *что (составить)* букIине; **э́ то не ~ит затрудне́ний** гьелъул захIмалъи букIинаро 6) *кого-что (изобразить) (сурат бахъун)* бихьизабизе; **~ить в смешно́м ви́де** (*сурат бахъун*) кепаб (*релъилеб*) куцалда бихьизабизе ◊ **предста́вь(те) себе́; мо́жешь (мо́жете) себе́ ~ить** *в знач. вводн. сл.* дудаго цебе чIезабе (дуцаго пикру гьабе)

ПРЕДСТА́ВИ//ТЬСЯ *сов.* 1) *кому и без доп. (при знакомстве)* живго щивали бицине, лъай-хъвай гьабизе; **~ться собра́вшимся** данделъаразда живго щивали бицине (данделъаразулгун лъай-хъвай гьабизе) 2) *кем-чем раз. (притвориться)* ххвел гьабизе; **~ться непонима́ющим** щибго бичIчIуларевлъун хIазе, бичIчIуларе ххвел гьабизе; **~ться больны́ м** унтараб ххвел гьабизе 3) *разг. (показаться, почудиться)* уян ккезе, цебе чIезе 4) (*возникнуть*) рес рекъезе, рес ккезе, щвезе; **как то́лько ~тся возмо́жность** санагIалъи ккарабго, рес рекъарабго

ПРЕДСТАВЛЕ́НИ//Е *с* **1.** (*по гл.* **представить***)* кьей, бихьи, лъай-хъвай гьаби **2**. (*по гл.* **представиться***)* лъай-хъвай гьаби, чIезаби **3**. (*предъявление*) бихьи **4**. (*изображение*) бихьизаби **5**. (*понятие*) бичIчIи́; **не име́ть никако́го ~я** кинаб букIаниги бичIчIи́ букIунгутIизе; **в моём ~и** дида бичIчIухъе, дир пикруялда **6**. *театр.* спектакль

ПРЕДСТАВЛЯ́ //ТЬ *несов.* 1) *см.* **предста́вить** 2) *кого-что (быть представителем)* вакиллъун вукIине 3) (*быть, являться кем-л. чем-л.*) *щивлъунниги* вукIине; **э́ти иссле́дования ~ют для нас огро́мный интере́с** гьел цIех-рехазул нижее кIудияб интерес буго

ПРЕДСТАВЛЯ́ ТЬСЯ *несов. см.* **предста́виться**

ПРЕДСТА́ТЬ *сов. перед кем-чем (лъиданиги-сунданиги)* цеве чIезе (эхетизе); **~ пе́ред суло́м** судалда (диваналда) цеве чIезе (эхетизе)

ПРЕДСТО//Я́ ТЬ *несов.* цебе чIун букIине; **нам ~и́ т тру́дная рабо́та** нилъеда цебе чIун буго (нилъеца гьабизе ккола) захIматаб хIалтIи

ПРЕДСТОЯ́Щ//ИЙ, -ая, -ее цебе чIараб, цебе бугеб, цебе чIун бугеб; букIинесеб, бачIине бугеб; **в ~ем сезо́не** бачIине бугеб (бачIунеб) сезоналда

ПРЕДУБЕЖДЕ́НИЕ *с* цебеккунго ракIалде бачIараб пикру, цебеккунго бижараб ракIчIей; цебеккунго *лъилниги хIакъалъулъ* бижараб квешаб пикру

ПРЕДУБЕЖДЕ́ННЫЙ, -ая, -ое цебеккунго жиндилъ ракIчIей бижарав, квешаб пикру бижарав

ПРЕДУГАДА́ТЬ *с сов. что* цебеккунго лъазе, бичIчIизе, нахъгIунтIизе; **~ намере́ние врага́** цереккунго тушманасул къасдал ричIчIизе, лъазе

ПРЕДУГА́ДЫВАТЬ *несов. см.* **предугада́ть**

ПРЕДУМЫ́ШЛЕННЫЙ, -ая, -ое цебеккунго ургъараб, ургъунго гьабураб; **~ посту́пок** ургъунго гьабураб иш, цебеккунго ургъун гьабураб иш

ПРЕДУПРЕДИ́ ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*предупреждающий*) цебеккунго цIодорлъи гьабураб, цIунизелъун гьабураб; **~ые**

ме́ры цереккунго цIунизелъун гьарурал тадбирал 2) (*любезный*) адаб-хIурмат ккурав, адаб-хIурматалъе хIадурав

ПРЕДУПРЕДИ́ ТЬ *сов.* 1) *кого-что (заранее известить)* цебеккунго лъазабизе 2) *что (предотвратить)* цебеккунго нахъчIвазе, нахъчIваялъе хIалтIи гьабизе; ~ **пожа́р** цIа ккунгутIиялъе тадбирал гьаризе 3) *что (опередить)* цебе ккезе; ~ *чье-л.* **жела́ние** *лъилниги* къасдалдаса цере ккезе

ПРЕДУПРЕЖДА́ТЬ *несов. см.* **предупреди́ ть**

ПРЕДУПРЕЖДЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **предупреди́ть**) 1) цебеккунго лъазаби 2) цебеккунго *щибниги* нахъчIваялъе тадбир гьаби; ~ **пожа́ра** цIа ккунгутIиялъе тадбирал гьари **2**. (*предостережение*) цевеккунго цIодор гьави

ПРЕДУСМА́ТРИВА//ТЬ *несов. см.* **предусмотре́ть;** цебеккунго хIисабалде босун букIине; **бюдже́т ~ет больши́ е сре́дства на строи́тельство** бюджеталъ бакIал раялъе кIудиял харжал (гIемераб гIарац) хIисабалде росулел руго

ПРЕДУСМОТРЕ́ТЬ *сов. что* цебеккунго хIисабалде босизе; ~ **в догово́ре** къотIиялда хIисабалде босизе

ПРЕДУСМОТРИ́ ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое цебеккунго бихьулев, ккезесеб хIасил бичIчIулев

ПРЕДЧУ́ВСТВИЕ *с* букIинесеб цебеккунго лъай (*хIалалъ, ракIалъ бицун*)

ПРЕДЧУ́ ВСТВОВАТЬ *несов. что* букIинесеб, ккезесеб (*хIалалъ, ракIалъ бицун)* цебеккунго лъазе; ~ **ра́достное собы́тие** рохалилаб лъугьа-бахъин (*ракIалъ, хIалалъ бицун*) цебеккунго лъазе

ПРЕДШЕ́СТВЕННИК *м* цевеккун вукIарав чи, тIоцебе (*щибниги*) гьабурав чи

ПРЕДШЕ́СТВЕННИЦА *ж* цеекун йикIарай гIадан, тIоцебе (*щибниги*) гьабурай гIадан

ПРЕДШЕ́СТВОВАТЬ *несов. кому-чему* цебеккун букIине, цебе ккезе

ПРЕДШЕ́СТВУЮЩ//ИЙ, -а, -ое *сунданиги* цебехун бугеб; **~ая страни́ ца** цебехун бугеб гьумер

ПРЕДЪЯВИ́ТЕЛ//Ь *м* жинца *щибниги* бихьулев чи; **~ь про́пуска** пропуск бихьулев чи; **~ь письма́** кагъат босун вачIарав чи, кагъат кодобе кьолев чи

ПРЕДЪЯВИ́ТЕЛЬНИЦА *ж* жинца *щибниги* бихьулей гIадан (*хъаравуласда, лъида букIаниги*)

ПРЕДЪЯВИ́ТЬ *сов. что* 1) (*показать*) бихьизе; ~ **про́пуск** пропуск бихьизе 2) (*заявить*) лъазабизе; цебе лъезе; ~ **свои́ тре́бования** жиндирго тIалабал цере лъезе

ПРЕДЪЯВЛЯ́ ТЬ *несов. см.* **предъяви́ ть**

ПРЕДЫДУ́Щ//ИЙ, -ая, -ее цебесеб, цебехун араб; **на ~ей страни́ це** цебесеб (цебехун араб) гьумералда

ПРЕЕ́МНИК *м* 1) (*наследник*) варис, ирсилав, ирс босарав чи 2) (*продолжатель*) *лъилниги* иш (гьоркьоса тIезе течIого) бачунев чи

ПРЕЕ́МСТВЕННОСТЬ *ж* ирслъун бачIунеб букIин; ~ **тради́ций** билъгьараб гIадат ирслъун бачIунеб букIин

ПРЕЕ́МСТВЕННЫЙ, -ая, -ое (*переходящий*) ирслъун бачIунеб; хадуб-цебе цоялдаса цогиялде унеб, тартибияб, тартиб бугеб

ПРЕ́ЖДЕ 1. (*раньше*) некIо, цебе (заманалда); ~ **он был сильне́е** цеве гьев къуватав вукIана; **на́до бы́ло ду́мать об э́том** ~ гьелъул (хIакъалъулъ) пикру цебего гьабизе кколаан 2) (*сначала*) цин; ~ **поду́май, а пото́м скажи́** цин ургъе, хадуб абе **2**. *предлог с род. п.* цеве; ~ **всех** киназдасаго цеве; ~ **вре́мени** заман щвелалде; ~ **всего́** сундасаго цебе

ПРЕЖДЕВРЕ́МЕННОСТЬ *ж* заман (ригъ) щвелалде букIин, бихьизабураб заманалдаса цебе букIин; ~ **восста́ния** дандечIей жиндир заманалдаса цебе букIин

ПРЕЖДЕВРЕ́МЕНН//ЫЙ, -ая, -ое заман щвелаладе лъугьараб, ккараб; **~ые ро́ды** заман щвелалде кьинлъи; **~ое разви́тие** заман щвелалдего цебетIей

ПРЕ́ЖН//ИЙ, -яя, -ее 1) цебесеб, некIсияб; **в ~ее вре́мя** цебесеб, некIсияб заманалда 2) (*тот же самый*) цебего гIадинаб

ПРЕЗИДЕ́НТ *м* президент; **вы́двинуть на пост ~а** президентасул хъулухъалде вихьизавизе

ПРЕЗИДЕ́НТСК//ИЙ, -ая, -ое президентасул(аб); **~ие вы́боры** президент вищулеб рищи́

ПРЕЗИ́ ДИУМ *м* президиум (*собранияльe, цогидал данделъабазе нухмалъи гьабизе бищараб орган; цо-цо идарабазе нухмалъи гьабулеб орган; гьединаб органалда гьоркьоре унел гIадамал*)

ПРЕЗИРА́ТЬ *несов.* 1) *кого-что* рихине, рокьукъго ралагьизе, рихараб букIине; ~ **ложь** гьереси рихараб букIине 2) *что (пренебрегать чем-л)* малъие гьабунгутIизе, сан гьабунгутIизе, рикIкIунгутIизе; ~ **опа́сность** хIинкъи малъие гьабунгутIизе, хIинкъиялъул сан гьабунгутIизе

ПРЕЗРЕ́ННЫЙ, -ая, -ое малъие гьавичIого тезесев; рикIкIунгутIизе мустахIикъав; ~ **трус** сан гьабичIого тезе мустахIикъав хIинкъуч

ПРЕЗРИ́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое рокьукълъи бихьизабулеб; рокьукълъи бачIинабулеб (бижизабулеб); ~ **тон** рокьукълъи бижизабулеб каламалъул хасият (рокьукъаб гьаракъ)

ПРЕИМУ́ЩЕСТВЕННО *нареч.* гIемерисеб мехалъ; аслияб куцалъ; хасго; цIикIкIарасеб къадаралда (цIикIкIун); **отря́д состоя́л ~ из крестья́н** къокъа аслияб куцалъ (цIикIкIарасеб къадаралда) рекьарухъабаздасан гIуцIун букIана

ПРЕИМУ́ ЩЕСТВЕНН//ЫЙ, -ая, -ое *сундулъниги* тIокIлъи бугеб, жиндир (жиндилъ) тIокIлъи бугеб; **~ое пра́во** *юр.* цIикIкIараб ихтияр (*цогиясулалда данде ккун*), цIикIкIарасеб ихтияр

ПРЕИМУ́ЩЕСТВ//О *с* 1) (*превосходство*) тIокIлъи́, цIакъ-лъи 2) (*привилегия*) цогиязеялдаса цIикIкIарал ихтиярал ◊ **по ~у** аслияб куцалъ

ПРЕИСПО́ДНЯЯ *ж* жужахI, жагьандаман

ПРЕЙСКУРА́НТ *м къайидул тайпаялде, сорталде балагьун* багьаби рихьизаруараб тIехь

ПРЕКЛОНЕ́НИЕ *с* бетIер къули, кIудияб хIурмат гьаби; ~ **пе́ред тала́нтом** гьунаралда цебе (гьунаралъе) бетIер къули

ПРЕКЛОНИ́ ТЬ *сов. высок.*: ~ **го́лову** бетIер къулизе; ~ **знаме́на** байрахъал гIодорехун дализаризе; ~ **коле́на (коле́ни)** наку чIвазе

ПРЕКЛОНИ́ ТЬСЯ *сов. см.* **преклоня́ ться**

ПРЕКЛО́НН//ЫЙ, -ая, -ое: **челове́к ~о́го во́зраста** ригь арав, гIемераб мех барав чи

ПРЕКЛОНЯ́ ТЬ *несов. см.* **преклони́ ть**

ПРЕКЛОНЯ́ //ТЬСЯ *несов. перед кем-чем* гIодоре къулизе; къулун *сунденги* раччизе; **я ~юсь пе́ред ним** дица гьесда цебе (гьесие) бетIер къулула; *перен.* мутIигIлъизе, къуравлъун рикIкIине

ПРЕКОСЛО́ВИ//Е *с*: **без ~я** данде кIалъачIого, данде къотIичIого, дагIбадичIого

ПРЕКОСЛО́ВИТЬ *несов. кому* данде кIалъазе, данде къотIизе, данде вуссун кIалъазе

ПРЕКРА́СНО 1. *нареч.* цIакъ лъикI, цIакъ берцинго, тIасан ккун лъикI, гьайбатго **2**. *в знач. сказ.* цIакъ лъикI буго, цIакъ берцин буго, гьайбатго буго

ПРЕКРА́СН//ЫЙ, -ая, -ое **1.** 1) цIакъ берцинаб; **~ые глаза́** цIакъ берцинал берал 2) (*отличный*) цIакъ лъикIаб; **~ый отве́т** цIакъ лъикIаб жаваб **2**. *в знач. сущ.* **~ое** цIакъ лъикIаб жо, цIакъ берцинаб, гьайбатаб жо ◊ **в оди́ н ~ый день** цонухалъ, цокъоялъ

ПРЕКРАТИ́ ТЬ *сов. что и с неопр.* къотIизабизе, ахир лъезе; гьоркьоса тIезабизе; ~ **разгово́р** гара-чIвари къотIизабизе (гара-чIвариялъе ахир лъезе); лъугIизе тезе; ~ **кури́ ть** хъалиян цIай тезе

ПРЕКРАТИ́ //ТЬСЯ *сов.* гьоркьоса тIезе, гьоркьоса къотIизе; **перепи́ска ~лась** цоцазухъе кагъатал хъвай гьоркьоса къотIана; **дождь ~ся** цIад къатIана (къотIана)

ПРЕКРАЩА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **прекрати́ ть(ся)**

ПРЕКРАЩЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **прекрати́ ть**) гьоркьоб къотIизаби, ахир лъей, гьоркьоса тIезаби **2**. (*по гл.* **прекрати́ ться**) гьоркьоб къотIи, ахир лъей, гьоркьоса тIей, лъугIизе тей; къатIин

ПРЕЛЕ́СТН//ЫЙ, -ая, -ое гьайбатаб, цIакъ берцинаб, цIакъ лъикIаб; **~ое пла́тье** гьайбатаб, цIакъ берцинаб гурде

ПРЕ́ЛЕСТ//Ь *ж* 1) (*очарование*) хIайранлъи, гьайбатлъи, беричлъи, берцинлъи; **находи́ть** *в чем-л.* **осо́бую ~ь** *сундулъниги* хасаб гьайбатлъи бихьизе (батизе) 2) *мн.* **~и дереве́нской жи́ зни** росдалаб гIумруялъул гьайбатал тIокIлъаби

ПРЕЛОМИ́ТЬ *сов. что* 1) *физ.* бекизе 2) *перен. (иначе истолковать что-л.)* батIайиса, жиндирго къагIидаялъ магIна гьабизе, магIна хисизабизе

ПРЕЛОМИ́ ТЬСЯ *сов.* 1) *физ.* бекун ине 2) *перен.* (*приобрести иной смысл*) магIна хисизе, хIасил хисизе

ПРЕЛОМЛЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **переломи́ ть)** беки, магIна хиси **2**. (*по гл.* **переломи́ться***)* бекун ин **3**. (*истолкование*) батIайиса бичIчIи, батIайиса магIна гьаби

ПРЕЛОМЛЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **переломи́ ть(ся)**

ПРЕ́Л//ЫЙ, -ая, -ое цIа́ккараб, ккалараб, махIцараб, тураараб; **~ые ли́стья** ккаларал тIанхал

ПРЕЛЬ *ж* 1) (*гниль*) тураараб, цIа́ккараб жо 2) (*прелое место*) цIаккараб, тураараб бакI 3) (*запах прелого*) тураараб, цIаккараб жоялъул махI

ПРЕЛЬСТИ́ТЬ *сов. кого* 1) (*увлечь, очаровать*) жиндирго гьайбатлъиялъ кверде восизе, асир гьавизе; сагьвиллъизавизе, хIайранлъизавизе, жиндехунго вуссинавизе 2) *перен. (стать заманчивым*) рекIкIаблъун лъугьине; **~ обеща́ниями** *щибниги* гьабилилан гуккун гьетIизавизе

ПРЕЛЮ́ДИЯ *ж муз.* музыкалияб асаралъул байбихьулаб бутIа

ПРЕМИА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое **1.** премиялъул, премиялъе бугеб; **~ые де́ньги** премиялъе кьураб (бугеб) гIарац **2**. *в знач. сущ.* **~ые** *мн.* премия (премия хIисабалда кьураб гIарац)

ПРЕМИНУ́ //ТЬ *сов.:* **не ~ть** кватIунгутIизе; нахъбахъун тунгутIизе; ккараб ресалдаса пайда босизе; **он не ~л поздра́вить меня́** дида баркизе гьев кватIулароан

ПРЕМИРОВА́НИЕ *с* премия кьей, премия кьун, кIодо гьари

ПРЕМИРОВА́ТЬ *сов. и несов. кого-что лъиениги* премия кьезе, *сундухъниги* премия кьезе

ПРЕ́МИ//Я *ж* премия (*лъикIаб хIалтIухъ, хъулухъалъухъ кьолеб гIарац*); **получи́ ть ~ю** премия щвезе

ПРЕМУ́ ДРОСТЬ *ж разг.* гъваридаб, тIадегIанаб гIакъиллъи

ПРЕМУ́ ДРЫЙ, -ая, -ое гъваридаб, тIадегIанаб гIакълу-лъай бугев; **~ ста́рец** гъваридаб гIакълу-лъай (гIакъиллъи) бугев херав

ПРЕМЬЕ́Р *м* 1) *см.* **премье́р-мини́стр** 2) *театр.* театралда бетIерал ролал хIалев артист

ПРЕМЬЕ́РА *ж* премьера (*тIоцебе бихьизабулеб пьеса, опера, балет ва гь. ц.*)

ПРЕМЬЕ́Р-МИНИ́СТР *м* премьер-министр *(хIукуматалъул бетIер, министразул советалъул бетIер*)

ПРЕНЕБРЕГА́ТЬ *несов. см.* **пренебре́чь**

ПРЕНЕБРЕЖЕ́НИЕ *с* 1) сан гьабугутIи, рикIкIунгутIи, хIангутIи, малъие босунгутIи 2) букIине кколеб тIалаб-агъаз гьечIолъи, кIвар гьечIолъи

ПРЕНЕБРЕЖИ́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое сан гьабулареб, рикIкIунареб, хIалареб, малъие босулареб; **пренебрежи́тельное отноше́ние** сан гьабичIеб бербалагьи

ПРЕНЕБРЕ́ЧЬ *сов.* 1) *кем-чем (отнестись высокомерно*) пахруяб, рокъукъаб бербалагьи гьабизе 2) *чем (оставить без внимания)* кIвар кьечIого, пикру буссинабичIого тезе; **~ опа́сностью** хIинкъиялде кIвар кьечIого тезе (хIинкъи сан гьабичIого тезе)

ПРЕ́НИЯ *мн.* гьоркьоб лъураб сулалда тIасан пикраби дандрай; тIасан кIалъаял; **откры́ть ~ по докла́ду** докладалда тIасан кIалъаял байбихьизе

ПРЕОБЛАДА́НИ//Е *с* цIикIкIун букIин, тIокIлъи букIин (*рикIкIеналъулъ, къадаралъулъ*); **доби́ ться ~я** *в чем-л. сундулъниги* тIокIлъи букIинабизе

ПРЕОБЛАДА́//ТЬ *несов. над чем-кем* цIикIкIун букIине (*рикIкIеналъул, къадаралъул рахъалъ);* тIадегIанаб бакI кквезе; тIокIлъи букIине; **на се́вере ~ют хво́йные леса́** севералда накIкIирохьал цIикIкIун руго (цIикIарасеб къадаралда руго)

ПРЕОБРАЖА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **преобрази́ ть(ся)**

ПРЕОБРАЗИ́ //ТЬ *сов. кого-что* хисизабизе, сипат хисизабизе; **но́вые дома́ ~ли у́лицы** цIиял рукъзабаз къватIазул сипат хисизабуна; тIубанго хисизабизе; *лъиденигги, сунденигги* сверизавизе, сверизабизе; *щивлъунниги* гьавизе, *щиблъунниги* гьабизе

ПРЕОБРАЗИ́ТЬСЯ *сов.* хисун ине, хиса-баси ккезе, сипат хисизе, тIубанго хисизе (хисун ине)

ПРЕОБРАЗОВА́НИ//Е *с* **1.** (*по гл.* **преобразова́ть)** хисизаби **2**. (*по гл***. преобразова́ться**) хиси **3**. (*коренное изменение*) кьучIдасанго хиси; **социа́льные ~я** социалиял (*гIадамазул гIумруялда рухьарал, хурхарал*) хиса-басиял

ПРЕОБРАЗОВА́ТЕЛЬ *м* **1.** (*реформатор*) кIудиял хиса-басиял ккезарурав чи; **челове́к – ~ приро́ды** инсан ккола тIабигIаталда кIудиял хиса-басиял ккезарурав чи **2**. *эл. (прибор)* трансформа́тор (*ток хисизабулеб алат*)

ПРЕОБРАЗОВА́ТЕЛЬНИЦА *ж женск. к* **преобразова́тель 1.**

ПРЕОБРАЗОВА́ТЬ *сов.* 1) *кого-что (переделать*) кьучIдасан хисизабизе, цIидасан гIуцIизе 2) *что (превратить)* сверизабизе; **~ переме́нный ток в постоя́нный** хисарулеб ток хисуларелде сверизабизе

ПРЕОБРАЗОВА́//ТЬСЯ *сов.* 1) (*претерпеть изменения*) хисизе, кьучIдасан хисизе 2) цо къагIидаялдаса цогиялде хисизе, сверизе; **переме́нный ток ~лся в постоя́нный** хисарулеб ток хисуларелде сверизе

ПРЕОБРАЗО́ВЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **преобразова́ть(ся)**

ПРЕОДОЛЕВА́ТЬ *несов. см.* **преодоле́ть**

ПРЕОДОЛЕ́НИЕ *с* кьуркьизаби, бергьин; **~ тру́дностей** захIмалъабаздаса бергьин, захIлъаби къезаризе кIвей

ПРЕОДОЛЕ́ТЬ *сов. что* къуркьизабизе; къезабизе; **~боль** унти къезабизе, хIехьезе кIвезе

ПРЕПАРА́Т *м* препарат (1 *цIалул мурадазда хIалбихьиялъе, халкъвеялъе ва гь.ц. ругел хIайваназул лугбал, хурдул;* 2 *хим. фарм. лабораториялда, фабрикалда дару хIадуризе бугеб продукт)*

ПРЕПИНА́НИ//Е *с:* **зна́ки ~я** лъалхъул ишараби

ПРЕПИРА́ТЕЛЬСТВО *с* къацанди, дагIбади (*пайда гьечIеб, гьадингояб жоялда тIасан*)

ПРЕПИРА́ТЬСЯ *несов. с кем разг.* дагIбадизе, къацандизе (*пайда гьечIеб, гьадингояб жоялда тIасан*)

ПРЕПОДАВА́НИЕ *с* (*по гл.* **преподава́ть**) кьей, малъи, ругьун гьари, лъай кьей; **~ ава́рского языка́** авар мацI малъи

ПРЕПОДАВА́ТЕЛЬ *м* мугIалим, учитель; **~ литерату́ры** адабияталъул (литератураялъул) мугIалим

ПРЕПОДАВА́ТЕЛЬНИЦА *ж* мугIалим

ПРЕПОДАВА́ТЕЛЬСК//ИЙ, -ая, -ое мугIалимасул (учителасул); **~ая рабо́та** мугIалимасул (мугIалимзабазул) хIалтIи

ПРЕПОДАВА́ТЬ *несов. что и без доп.* дарс кьезе, ругьун гьаризе, малъизе, лъай кьезе; **~ фи́ зику** физика малъизе, физикаялъул дарс кьезе

ПРЕПОДА́ТЬ *сов. что* насихIат гьабун, кьезе, малъизе; божизавизе; *~ кому-л.* **нагля́ дный уро́к** *лъиениги,* насихIат гьабун, загьираб дарс кьезе (кIочон толареб дарс кьезе); гIураб дарс кьезе

ПРЕПОДНЕСТИ́ *сов. что кому* 1) хIурматияб куцалда (кодобе) кьезе; **~ поздрави́ тельный а́дрес** баркиялъулаб (баркараб) адрес (кагъат) кодобе кьезе 2) *перен.* балъго, ургъунго квешлъи гьабизе; гIезабизе 3) (*изложить*) бицине; бихьизабизе; кьезе ◊ **~ пилю́лю** квеш букIунеб, зунтIулеб, хIакъир гьарулеб жо абизе

ПРЕПОДНОСИ́ ТЬ *несов. см.* **преподнести́**

ПРЕПОДНОШЕ́НИЕ *с* **1.** хIурматияб куцалда (кодобе) кьей **2.** *щибниги* кьураб жо (сайигъат); **це́нное ~** багьаяб (хирияб) сайигъат

ПРЕПО́Н//А *ж книжн.* квалквал, квекIен, лазатбахъи, авара; **чини́ ть ~у** квекIен гьабизе

ПРЕПРОВОДИ́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое ритIулел документазда, материалазда цадахъ букIунеб, къокъго гьениб бугеб жо рехсараб (*кагъат*)

ПРЕПРОВОДИ́ ТЬ *сов. что* цадахъ чиги витIун щвезабизе; цадахъ ун тIовитIизе; *щибниги (кибениги)* битIизе (*гIарац, документал*)

ПРЕПРОВОЖДА́ТЬ *несов. см.* **препроводи́ ть**

ПРЕПРОВОЖДЕ́НИЕ *с* (*по гл. препроводить*) цадахъ чиги витIун щвезаби; цадахъ ун тIовитIи; битIи ◊ **~ вре́мени** заман инаби (*кинаб бугониги ишалде вуссун*)

ПРЕПЯ́ТСТВИ//Е *с* 1) (*преграда на пути*) рекерулаго тIасан кIанцIизе нухда лъураб (яги тIабигIияб) жо 2) (*помеха*) квалквал, авара, квекIен; **преодоле́ть все ~я** киналго квалквалал лъугIизаризе, къезаризе; **чини́ ть ~я** квалквалал гьаризе

ПРЕПЯ́ТСТВОВАТЬ *несов. кому-чему сундуениги-лъиениги* квалквал гьабизе; ~ *чьим-л.* **наме́рениям** *лъилниги* къасдазе квалквал гьабизе

ПРЕРВА́ТЬ *сов. кого-что* 1) (*прекратить*) ахир лъезе, чIезабизе; ~ **рабо́ту** хIалтIи чIезабизе 2) (*перебить*) гьоркьоб къотIизабизе; ~ **разгово́р** хабар (гара-чIвари) гьоркьоб къотIизабизе

ПРЕРВА́//ТЬСЯ *сов.* чIезе, гьоркьоб къотIизе; **разгово́р ~лся** хабар (гара-чIвари) гьоркьоб къотIана

ПРЕРЕКА́НИ//Я *мн. (ед.* **~е**) (*по гл.* **пререка́ться**) дагIбади, къацанди; **вступи́ть в ~я** дагIбадизе лъугьине (*щибго гуреб жо сабаблъун*)

ПРЕРЕКА́ТЬСЯ *несов. с кем* къацандизе, дагIбадизе

ПРЕ́РИИ *мн.* (*ед.* **пре́рия** *ж*) бахараб хер бугел кIудиял авлахъал (*Северияб Америкаялда*)

ПРЕРЫВА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **прерва́ться**

ПРЕРЫ́ ВИСТ//ЫЙ, -ая, -ое тIутIураб; къотIарулеб; **~ые зву́ки** (гьоркьор) къотIарулел гьаркьал; **~ая ли́ ния** тIутIураб хIучч

ПРЕСЕЧЕ́НИ//Е *с*(*по гл.* **пресе́чь)** ахир лъей, лъугIизаби, къотIизаби, тIагIинаби, кьучIдасанго бакъвазаби; **~е зла** квешлъи лъугIизаби (квешлъиялъе ахир лъей)

ПРЕСЕ́ЧЬ *сов. что* къотIизабизе, тIагIинабизе, лъугIизабизе, кьучIдасанго бакъвазабизе; ~ **зло в ко́рне** квешлъи кьучIдасанго бакъвазабизе (лъугIизабизе)

ПРЕСЕ́//ЧЬСЯ *сов.* къотIизе, тIагIине, лъугIизе, тIезе; **на э́ том разгово́р ~кся** гьелдалъун гара-чIвари лъугIана; **го́лос ~кся** гьаракь къотIана, гьаракь лъугIун ана

ПРЕСЛЕ́ДОВАНИЕ *с* 1) (*по гл.* **пресле́довать**) хадур лъугьин (*кквезелъун*) 2) (*гонение*) кьварид гьави, гIазаб кьей, хадур чIей (*квешаб мурадгун*) 3) *перен.* пикрабаз тунгутIи 4) *юр.* судалде кьей, цIай

ПРЕСЛЕ́ДОВАТЕЛЬ *м лъиданиги-сунданиги* хадув лъугьарав чи, хадув чIарав чи

ПРЕСЛЕ́ДОВАТЬ *несов.* 1) *кого-чего (гнаться за кем-л.) лъиданиги* хадув лъугьине (*кквезелъун*) 2) *кого-что (подвергать гонениям)* кьварид гьавизе, гIазаб кьезе, хадур чIезе (*квешаб мурадгун, къасдгун*) 3) *кого-что перен. (о мысли и т.п.*) пикрабаз тунгутIизе, рахIат хвезабизе 4) *кого-что юр. (предавать суду)* судалде кьезе

ПРЕСЛОВУ́ ТЫЙ, -ая, -ое *ирон.* цIар араб, кибего рагIараб, ахIи-хIур бахъинабураб

ПРЕСМЫКА́ТЬСЯ *несов. перед кем-чем (унижаться)* хIелхIедизе, лагъльи гьабизе, гIодовегIанлъизе

ПРЕСМЫКА́ЮЩИЕСЯ *мн.* (*ед.* **пресмыка́ющееся**) *с зоол.* (*борохь, кьинч, щурункъверкъ, крокодил*) хъурщун хьвадулел (чахьалда хъурщулел)

ПРЕСНОВО́ДН//ЫЙ, -ая, -ое цIамхIаллъи гьечIеб лъим бугеб, бацIцIадаб (гъорлъ цIамал гьечIеб) лъим бугеб; **~ые ры́бы** цIамал гьечIеб лъелъ рукIунел ччугIби; **~ое о́зеро** бацIцIадаб (цIамал гъорлъ гьечIеб) хIор

ПРЕ́СН//ЫЙ, -ая, -ое 1) бацIцIадаб, цIам гъорлъ гьечIеб; **~ая вода́** бацIцIадаб лъим, гьекъолеб лъим 2) гъорлъе чакар, цIан *ва гь. ц.* гьабичIого хIадур гьабураб; речче гьечIого гьабураб; **~ый хлеб** мугьургочед 3) *перен. разг. (лишенный интереса)* интерес гьечIеб, лъугьинчIеб; цIам-пер гьечIеб; **~ый расска́з** лъугьинчIеб, асар гьабулареб хабар

ПРЕСС *м* пресс (*шартIатI тIаде цуялдалъун металлалъе форма (куц) кьолеб машина);* **положи́ть** *что-л.* **под** ~ *щибниги* прессалда гьоркь лъезе ◊ **брюшно́й** ~ *анат.* чохьол щукIдул

ПРЕ́ССА *ж* **1.** пресса (*хасаб заман ккун, басмаялда рахъулел газетазда, журналазда... цадахъаб цIар*) **2**. пресса, журналистал

ПРЕСС-КОНФЕРЕ́НЦИЯ *ж* пресс-конференция (*пачалихъиял, жамгIиял, политикиял, гIелмиял хIаракатчагIазулги журналистазулги гара-чIвариял)*

ПРЕССОВА́ТЬ *несов. что* данде къазе; данде къан кIвакIизабизе; тIаде цузе; ~ **хло́пок** квасквас данде къан кIвакIизабизе; бугIизе

ПРЕСС-ПАПЬЕ́ *с нескл.* щакъи цIулеб жо (*хъвай-хъвагIаялъул тIагIалабазда гьоркьоса цояб*), кагъатмерхь; столалда кагътазда тIад лъолеб мармаралъул яги мазгаралъул гьубураб бакIлъи

ПРЕСТАРЕ́ЛЫЙ, -ая, -ое цIакъ херав; **~ оте́ц** цIакъ херав эмен

ПРЕСТИ́ Ж *м* сий, къадру; **подня́ ть ~** къадру борхизабизе

ПРЕСТО́Л *м* тах, тахбакI; **све́ргнуть с ~а** (*пача*) тIаса рехизе; хIакимлъиялдаса махIрум гьавизе; **отре́чься от ~а** (*пача-лъиялдаса*) инкар гьабизе; хIакимлъиялдаса инкар гьабизе, пачалихъалъул бетIерлъиялдаса гIодов чIезе

ПРЕСТУПА́ТЬ *несов. см.* **преступи́ ть**

ПРЕСТУПИ́ ТЬ *сов. что (нарушить)* хвезабизе; ~ **зако́н** закон хвезабизе (гIадахъ босичIого тезе)

ПРЕСТУПЛЕ́НИ//Е *с* такъсир; **соверши́ть ~е** такъсир гьабизе; **поймáть на ме́сте ~я** такъсир гьабулеб бакIалда (гьабулелъув) кквезе

ПРЕСТУ́ ПНИК ***м*** такъсирчи

ПРЕСТУ́ПНИЦА *ж* такъсирчIужу

ПРЕСТУ́ПНОСТ//Ь *ж* 1) такъсирчилъи 2) (*количество преступлений*) такъсиразул къадар; **рост ~и** такъсиразул къадар цIикIкIин

ПРЕСТУ́ПН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*являющийся преступлением*) такъсирияб (такъсирлъун кколеб); **~ая небре́жность** такъсирияб кIваргьечIолъи 2) (*совершающий преступление*) такъсир гьабулев; **~ые элеме́нты** такъсир гьабулел чагIи

ПРЕСЫ́ТИТЬСЯ *сов. чем* 1) (*насытиться в избытке*) гIорцIудаса ине 2) *перен.* горбониве вахун, гIорцIизе; ~ **развлече́ниями** кеп-гIоркьалъ, горбониве вахун, гIорцIизе; ракI буссине; сваказе

ПРЕСЫЩА́ТЬСЯ *несов. см.* **пресы́ титься**

ПРЕСЫ́ЩЕННЫЙ, -ая, -ое горбониве вахун, гIорцIараб; ракI буссараб

ПРЕТВОРИ́ ТЬ *сов. что во что высок.* гIумруялде бахъинабизе; ~ **в жизнь заве́ты** васиятал гIумруялде рахъинаризе

ПРЕТВОРЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **претвори́ ть(ся)**

ПРЕТЕНДЕ́НТ *м* къецалде, дагIбаялде лъугьарав чи (*бакI кквезелъун, бергьенлъи босизелъун*); ихтияр букIин бихьизабулев чи; *сундуениги гIоло* къеркьолев чи; бакI, хъулухъ кквезе нигат гьабурав чи; *сунденги* ишан ккурав чи; ~ **на пост президе́нта** президентасул хъулухъалде (президентлъиялде) ишан ккурав чи

ПРЕТЕНДОВА́ТЬ *несов. на кого-что (бетIергьанлъи гьабизелъун*) дагIба базе; ихтияр букIин бихьизабизе; къецалде лъугьине; ~ **на** *каку́ю-л.* **до́лжность** *кинаб букIаниги* хъулухъалъе гIоло къеркьезе (къецалде лъугьине)

ПРЕТЕ́НЗИ//Я *ж* 1) (*требование*) тIалаб; **изложи́ ть свои́ ~и** жиндирго тIалабал цере лъезе 2) (*стремление произвести впечатление*) дагIба бан, асар гьабизе хIаракат бахъи ◊ **быть в ~и** *на кого́-л. лъидасаниги* рази гьечIого вукIине

ПРЕТЕРПЕВА́ТЬ *несов. см.* **претерпе́ть**

ПРЕТЕРПЕ́ТЬ *сов. что* 1) (*пережить, испытать*) хIехьезе; баччизе; ~ **лише́ния** мискинлъи, пакъирлъи хIехьезе 2) (*подвергнуться чему-л.*); ~ **суще́ственные измене́ния** кIвар бугел хисабасиял хIехьезе ккезе (хиса-басиязда гъоркье ккезе)

ПРЕТИ́ ТЬ *несов. безл. кому (вызывать отвращение*) рихине, ракI къазе, ракI гьанцIизе, хIал къазе; *устар.* гьукъизе, квалквал гьабизе, квекIен гьабизе

ПРЕТКНОВЕ́НИ//Е *с:* **ка́мень ~я** захIмалъи, квалквал

ПРЕТЬ *несов.* 1) (*гнить*) туризе, цIакказе 2) *разг. (вариться)* белъун бахъине, тIубан белъине 3) кутакалда гIетI базе 4) *разг.* (*ругъун*) бигъине

ПРЕУВЕЛИЧЕ́НИ//Е *с* (*по гл.* **преувели́чить** *)* цIакъго кIодо гьаби; цIакъго кIодо гьабун (цIикIкIинабун) бихьизаби; **~е тру́дностей** захIмалъаби (*ругездаса*) кIодо гьарун рихьизари

ПРЕУВЕЛИ́ ЧИВАТЬ *несов. см.* **преувели́ чить**

ПРЕУВЕЛИ́ЧИТЬ *сов. что* 1) цIакъго кIодо гьабизе; цIакъго кIодо гьабун, бихьизабизе; бугелдаса кIодо гьабун, би-хьизабизе; ~ **тру́дности** (**опа́сность**) захIмалъаби (хIинкъи), ругездаса кIодо гьарун, рихьизаризе 2) (*присочинить в рассказе*) бицунелъул кутакалда пузе, пун бицине; **он лю́ бит** ~ гьесие цIакъ пузе бокьула

ПРЕУМЕНЬША́ТЬ *несов. см.* **преуме́ньшить**

ПРЕУМЕНЬШЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **преуме́ньшить)** гьитIин гьабун бихьизаби (*хIакъикъаталда бугелдаса*)

ПРЕУМЕ́НЬШИТЬ *сов. что* гьитIин гьабун бихьизабизе; **~ опа́сность** хIинкъи бугелдаса гьитIин гьабун бихьизабизе

ПРЕУСПЕВА́ТЬ *несов.* 1) *см.* **преуспе́ть** 2) (*процветать*) цере тIезе

ПРЕУСПЕ́ТЬ *сов. (добиться успеха)* мурадалде щвезе; парахатаб, рахIатаб бетIербахъи гьабизе, рахIатго гIумру тIамизе, нигIматазда гьорлъ тIерхьун вукIине

ПРЕЦЕДЕ́НТ *м* хадуселъе мисаллъун букIине бегьулеб лъугьа-бахъин

ПРИ *предлог с предл. п.* 1) (*около, возле*) аскIоб; **разби́ ть сад ~ до́ме** рукъалда аскIоб ах гьабизе 2) (*указывает на принадлежность, подчиненность*): **лаборато́рия ~ институ́те** института-лъул лаборатория 3) (*указывает на место совершения действия*): **рабо́тать ~ шта́бе** штабалда хIалтIизе 4) (*в присутствии*): **~ мне** дида аскIоб (цебе); **он ска́жет и ~ тебе** мун вугеб бакIалдаги (дуда цебесанги) абила дос 5) (*во время, в эпоху*) заманалда; **~ Петре́ Пе́рвом** Петр Первыясул заманалда 6) (*указывает на обстановку, обстоятельство*): **~ перехо́де у́лицы** къватI къотIулаго буго 7) (*указывает на наличие чего-л.*): **де́ньги ~ мне** гIарац дихъ буго 8) (*несмотря*): **~ всем жела́нии** кигIан бокьун букIаниги (гъира букIаниги) 9) (*благодаря*) сабаблъун; **~ твое́й по́мощи** дур кумекалдалъун (дур кумек сабаблъун)

ПРИБА́ВИТЬ *сов.* 1) *что, чего (увеличить)* жубазе, цIикIкIинабизе; **~ ско́рость** хехлъи цIикIкIинабизе; **~ зарпла́ту** харж цIикIкIинабизе; **~ сто рубле́й** нусго гьурущ тIаде жубазе 2) *что перен. разг. (преувеличить)* **~ в ве́се** цIавулъ цIикIкIинабизе

ПРИБА́ВИ//ТЬСЯ *сов.* 1) (*появиться дополнительно*) тIаде бачIине (цIикIкIине, жубазе); **~лось мно́го но́вых забо́т** тIаде гIемерал цIиял ургъелал (ишал) цIикIкIана 2) (*увеличиться, стать больше по количеству, размеру*): **дни ~лись** къоял кIодолъана; **воды́ в реке́ ~лось** гIурулъ лъим цIикIкIана (гIемер-лъана)

ПРИБА́ВК//А *ж* **1.** (*по гл.* **приба́вить**) тIей, бай, лъей, кьей; цIикIкIинаби, тIаде жубай **2**. (*по гл.* **приба́виться**) *т*Iаде бачIин, цIикIкIин, кIодолъи, гIемерлъи **3**. (*надба́вка)* тIаде жубараб жо, тIаде жубараб къадар ◊ **в ~у** тIадеги

ПРИБАВЛЕ́НИЕ *с см.* **приба́вка; ~ семе́йства** хъизамалда лъимер гьаби

ПРИБАВЛЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **приба́вить(ся)**

ПРИБА́ВОЧН//ЫЙ, -ая, -ое: **~ая сто́имость** *эк.* хIалтIухъабаз гьабураб къайиялъул багьадул капиталистаз жидеего толеб бутIа

ПРИБЕГА́ТЬ[1] *несов. см.* **прибежа́ть**

ПРИБЕГА́ТЬ[2] *несов. см.* **приби́гнуть**

ПРИБЕ́ГНУТЬ *сов. к чему* пайда босизе; **~ к ору́жию** яргъидасан пайда босизе (ярагъ хIалтIизабизе); **~ к реши́тельным ме́рам** таваккалал тадбирал гьаризе (тадбиразде вортизе)

ПРИБЕДНЯ́ТЬСЯ *несов. разг.* мискинчилъун хIазе, мискинавлъун чIезе

ПРИБЕЖА́ТЬ *сов.* векерун вачIине; **~ пе́рвым** векерун тIоцеве вачIине

ПРИБЕ́ЖИЩЕ *с* рахчулеб бакI (*сундасаниги лъутун*)

ПРИБЕРЕГА́ТЬ *несов. см.* **прибере́чь**

ПРИБЕРЕ́ЧЬ *сов. что* цIунизе, цIунун хьихьизе, цIуна-къай гьабизе

ПРИБИВА́ТЬ *несов. см.* **приби́ ть**

ПРИБИРА́ТЬ *несов. см.* **прибра́ть**

ПРИБИ́ //ТЬ *сов.* 1) *что (гвоздями)* магIал чIван (магIаз) щула гьабизе; **~ кры́шку к я́щику** ящикалда тIалъел кьабизе (*магIаз*); бухун къазабизе 2) (*силой ветра, воды и т.п.*) чIвазе, хвезабизе, бухизе; **град ~л посе́вы** гороялъ рекьарал жал хвезарун 3) *кого-что (пригнать силой воды и т.д.)* хъамизе, рехизе; **ло́дку волно́й ~ло к бе́регу** карачелалъ раса рагIалде рехана 4) *кого прост. (побить)* вухизе, кьабизе

ПРИБИ́ТЬСЯ *сов.* 1) (*прикрепиться*) щулалъизе, рекIун чIезе 2) (*пригнуться, прижаться к земле от ветра, дождя, града и т.п.*) гьетIун ине, ракьалде бегизе

ПРИБЛИЖА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **прибли́ зить(ся)**

ПРИБЛИЖЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **прибли́ зить**) гIагардегIан, аскIобегIан къазаби, гIагар гьаби **2**. (*по гл.* **прибли́зиться**) *г*Iагарлъи; аскIобегIан, гIагардегIан къай

ПРИБЛИЖЕ́ННЫЙ[1]**,** -ая, -ое *мат. (приблизительный)* гIага-шагараб; **~ое значе́ние дро́би** дробалъул гIага-шагараб кIодолъи-гьитIинлъи

ПРИБЛИЖЕНН//ЫЙ[2], -ая, -ое гIагар гьаврав (*тIадегIанаб хъулухъалъул чиясде гIагарав, гьес божилъи гьабулев чи*); **царь и его́ ~ые** пачаги гьесул божарал чагIиги

ПРИБЛИЗИ́ТЕЛЬНО *нареч.* гIага-шагарго, гIагарун; **подсчита́ть ~** гIага-шагарго хIисаб-суал гьабизе (рикIкIине)

ПРИБЛИЗИ́ТЕЛЬНОСТЬ *ж* гIага-шагарлъи; **~ подсче́тов** хIисаб-суалалъул гIага-шагарлъи

ПРИБЛИЗИ́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое гIага-шагараб; **~ые да́нные** гIага-шагарал баянал (далилал, хIужжаби)

ПРИБЛИ́ЗИТЬ *сов.* 1) *кого-что к кому-чему (придвинуть ближе*) аскIобе бачине, аскIобе цIазе, гIагар гьабизе 2) *что (ускорить)* хехлъизабизе, гIедегIизабизе 3) *кого-что уст. щивниги* жиндего гIагар гьавизе

ПРИБЛИ́ ЗИ//ТЬСЯ *сов.* 1) аскIовегIан къазе; **~ться к окну́** горда аскIовегIан къазе 2) (*по времени*) гIагарлъизе; **~лся день отъе́зда** (нахъе) унеб къо гIагарлъана 3) (*ступить в дружеские отношения*) гьоркьоблъи ккезе (гьудуллъиялъулал гьоркьорлъаби лъугьине) 4) (*стать похожим*) релълъине

ПРИБО́Й *м* (ралъдал) рагIалда речIчIулел карачелал; рагIалда карачел речIчIулеб бакI

ПРИБО́Р *м* 1) прибор, алат; **измери́ тельный ~** *щибниги* борцунеб алат 2) (*комплект, набор предметов*) тIагIел-гIучI; **бри́т-венный ~** магжил (мегеж кIкIвалеб) тIагIел-гIучI

ПРИБОРОСТРОЕ́НИЕ *с* приборал гьари

ПРИБОРОСТРОИ́ ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое приборал гьарулеб

ПРИБРА́ТЬ *сов. что разг.* 1) (*привести в порядок*) гIадлу-низамалде бачине; бакIа-бахари гьабизе; **~ в ко́мнате** рокъоб бакIа-бахари гьабизе 2) (*спрятать*) нахъе босизе, цо бакIалда лъезе 3) (*присвоить что-л.*) жиндиего тезе (босизе) 4) (*подобрать подходящее*) данде кколеб (рекъон кколеб) жо балагьизе ◊ **~ к рука́м** жиндиего мутIигI гьавизе, мутIигIлъизе тIамизе; чIоло къазе

ПРИБРА́ТЬСЯ *сов. разг.* живго вакIа-вахаризе, къачIакIатIазе

ПРИБРЕ́ЖНЫЙ, -ая, -ое рагIалда бугеб, рагIалдегIан бугеб; рагIалда гьабулеб; **~ песо́к** (*ралъдал, гIурул*) рагIалда бугеб сали

ПРИБЫВА́ТЬ *несов. см.* **прибы́ ть**

ПРИ́ БЫЛЬ *ж* 1) (*доход*) хайир; **чи́ стая ~** бацIцIадаб хайир; **приноси́ть ~** хайир щвезе 2) (*увеличение чего-л.*) тIаде цIикIкIин (гIемерлъи); **~ населе́ния** халкъ тIаде цIикIкIин (халкъалъул цIикIкIел)

ПРИ́ БЫЛЬНОСТЬ *ж* хайир букIин

ПРИ́ БЫЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое хайираб, хайир кьолеб; **~ое хозя́йство** хайир кьолеб магIишат

ПРИБЫ́ТИЕ *с* (*по гл.***прибы́ть**) ба́чIин, тIаде щвей; **~ поезло́в** поездал рачIин

ПРИБЫ́//ТЬ *сов.* 1) (*приехать, прийти*) бачIине, рачIине, тIаде щвезе; **по́езд ~л** поезд бачIана; **~ть к ме́сту назначе́ния** тIамураб (витIараб) бакIалде вачIине 2) (*увеличиться*) тIаде цIикIкIин (гIемерлъизе); **вода́ ~ла** лъим цIикIкIана (гIемерлъана)

ПРИВА́ДА *ж* гуккизелъун лъураб жо (*мас. гудрада гьан…)*

ПРИВА́ДИТЬ *сов. сунцаниги* гуккун тIаде цIазе, бачине, ругьун гьабизе; *прост.* жиндего ругьун гьабизе

ПРИВА́ЖИВАТЬ *несов. см.* **приважда́ть**

ПРИВА́Л *м* 1) (*остановка*) рещтIен; **устро́ить ~** рещтIен гьабизе 2) (*место*) рещтIен гьабизе (хIухь бахъизе) чIараб бакI

ПРИВА́ЛИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **привали́ ть(ся)**

ПРИВАЛИ́ //ТЬ *сов.* 1) *что* цун аскIобе бачине; **~ть ка́мень к стене́** гьецIо къадада аскIобе (цун) бачине 2) (*опереть, прислонить*) баччизабизе, чIвазабизе 3) *к чему мор.* бачIун чIезе; **парохо́д ~л к бе́регу** гама рагIалде бачIун чIана 4) *разг.* гьун-чIван бачIине; **~ло мно́го наро́ду** гIемер халкъ гьун-чIван бачIана

ПРИВАЛИ́ТЬСЯ *сов. к кому-чему* лъиданиги-сунданиги цун чIезе, баччизе; **~ к столбу́** хIобода ваччизе

ПРИВЕДЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **привести́**) бачин; **~ в поря́док** гIадлу-низамалде бачин; **~ фа́ктов** хIужжаби рачин

ПРИВЕЗТИ́ *сов. кого-что* босун бачIине (*сунданиги лъун*); **~ това́р** къайи босун бачIине

ПРИВЕРЕ́ДЛИВЫЙ, -ая, -ое сундаго рекъоларев, сундаго разилъуларев; чIухIдарулев; **~ в еде́** кванда рекъоларев

ПРИВЕРЕ́ДНИЧАТЬ *несов. разг.* чIухIдаризе, рекъонгу-тIизе, мекъдаризе

ПРИВЕ́РЖЕНЕЦ *м лъилниги* рахъ ккурав, *гьесда* хадув вилъларав чи; **~ тео́рии Да́рвина** Дарвинил теориялъул рахъ ккурав (теориялда нахъвилъларав) чи

ПРИВЕ́РЖЕННОСТЬ *ж чему сунденигu* ракIбай, ру-гьунлъи; рахъкквей, нахъвилъларав

ПРИВЕ́РЖЕННЫЙ, -ая, -ое хисичIого *лъилниги-сундулниги* рахъ ккурав, хадув вилъларав; ритIухъав

ПРИВЕРНУ́ ТЬ *сов. что разг.* 1) (*привинтить) (бурав*) кьуризе, кьурун щула гьабизе 2) (*вертя убавить*) гIодобе кьуризе; **~ фити́ль в ла́мпе** чирахъалъул фитиль (билта) гIодобе кьуризе

ПРИВЁРТЫВАТЬ *несов. см.* **привернýть**

ПРИВЕ́С *м* цIайи цIикIкIараб къадар; **среднесу́точный ~ теля́т** гьоркьохъеб хIисабалда сордо-къоялда жаниб бачазул цIайи цIикIкIараб къадар (цIайидул цIикIкIел)

ПРИВЕ/СТИ́ *сов. кого-что* 1) (*доставить*) щвезабизе; **~сти́ ребёнка домо́й** лъимер рокъобе щвезабизе 2) (*указать дорогу к чему-л.) сундехунниги* нух бихьизабизе 3) *к чему (к выводу, решению)* хIасиналде, хIукмуялде рачине; **фа́кты ~ли́ к ва́жному откры́тию** хIужжабаз кIвар бугеб цIирагьияде рачана 4) *к чему (принять что-л.): ~сти́ к прися́ге* гьа базе вачине 5) (*в какое-л. состояние*) *кинаб букIаниги хIалалде* ккезабизе; **он ~л к изумле́нию** дос гьел гIажаиблъизаруна 6) (*придать какой-л. вид*): **~сти в него́дность** ярагьунареб куцалде ккезабизе; **~сти́ в поря́док** гIадлу-низамалде бачине; **~сти́ к одному́ знамена́телю** цо знаменателалде бачине 7) *к чему (быть причиной чего-л.*) *сундулниги* гIиллалъун букIине; **э́то к добру́ не ~дёт** гьелъ лъикIлъиялде рачинаро; **~сти́ к ги́бели** хвалде рачине; **~сти к пу́танице** мекъи ккезаризе 8) (*сослаться на что-л.*) бачине; **~сти́ приме́р** мисал бачине

ПРИВЕ//СТИ́СЬ *сов. безл. кому*: **мне не ~ло́сь там побыва́ть** дове щвезе дие рес ккечIо

ПРИВЕ́Т *м* салам; **посла́ть** *кому-л. ~ лъиденuги* салам би-тIизе ◊ **ни отве́та, ни ~а** я жаваб гуро, я салам гуро (кагъат-хабарго гьечIо)

ПРИВЕ́ТЛИВО *нареч.* ракI рагьун, разиго; **встре́тить ~** разиго дандчIвай гьабизе

ПРИВЕ́ТЛИВОСТЬ *ж* хIеренлъи, адаб буголъи

ПРИВЕ́ТЛИВ//ЫЙ, -ая, -ое ракI рагьарав, хIеренав, адаб бугев; **~ый челове́к** хIеренав, адаб бугев чи

ПРИВЕ́ТСТВИ//Е *с* 1) барки 2) (*обращение*) баркун кIалъай, баркиялъулаб кIалъай

ПРИВЕ́ТСТВОВАТЬ *несов.* 1) *кого-что* баркизе; салам кьезе; рахьи базе; **~ гостя́й** гьалбадерие салам кьезе 2) *что (одобрять)* лъикI къабул гьабизе; лъикIаблъун рикIкIине, тIад рекъезе; *~ чью-л.* **инициати́ву** *лъилниги* жигарчилъи лъикIаблъун рикIкIине

ПРИВИВА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **приви́ ть(ся)**

ПРИВИ́ ВКА *ж* **1.** (*по гл.* **приви́ ть**) бацIцIин; **~ де́рева** гъветI бацIцIин **2**. *мед.* прививка *(лъилниги чорхолъе унтиялда данде вакцина биччай*) **3**. (*по гл.* **приви́ ться**) рекIин (*бацIцIараб чIор*)

ПРИВИДЕ́НИЕ *с* хваразул рухI, цебе тIамулеб жо

ПРИВИ́ ДЕТЬСЯ *сов. разг.* макьилъ бихьизе, цебе тIамизе

ПРИВИЛЕГИРО́ВАНН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*пользующийся привилегиями*) кьурал хасал ихтиярал ругев, гьездаса пайда босулев 2) (*лучший по сравнению с другими*) цогидазда данде ккун, лъикIаб (тIокIаб); **~ое положе́ние** цогидазда данде ккун, лъикIаб хIал

ПРИВИЛЕ́ГИ//Я *ж* 1) (*исключительное право*) цогидазеялдаса цIикIкIараб ихтияр, привилегия 2) (*льгота*) бигьалъи; **~и инвали́дов войны́** рагъул инвалидазе (ругел) бигьалъаби

ПРИВИНТИ́ ТЬ *сов. что* бурав кьурун, *щибниги сундехунниги* рекIинабизе

ПРИВИ́ НЧИВАТЬ *несов. см.* **привинти́ ть**

ПРИВИРА́ТЬ *несов. см.* **приврáть**

ПРИВИ́ ТЬ *сов. что* 1) *с.-х. (чIор*) бацIцIине 2) *мед.* прививка гьабизе (*мас., тIадерахъи бахъизе*) 3) *перен.* бижизабизе; **~ любо́вь к му́зыке** музыкаялде (бакъан-къоноялде) рокьи бижизабизе

ПРИВИ́ТЬСЯ *сов.* 1) *с.-х.* рекIине (*бацIцIараб чIор*) 2) *мед.* тIадерахъи лъугьине *(гъажалда*) 3) (*войти в привычку*) гIамал-хасиятлъун лъугьине, *сунденuги* ругьунлъизе

ПРИ́ВКУС *м сундулниги* хасаб, хасиятаб тIагIам; (*кванда*) гъорлъе гьабураб жоялъул тIагIам

ПРИВЛЕКА́ТЕЛЬНОСТЬ *ж* бихьизе берцинаб, ракI цIалеб, рокьи балеб букIин

ПРИВЛЕКА́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое бихьизе берцинаб, ракI тIаде цIалеб, ракI балеб; **~ая вне́шность** бихьизе берцинаб, ракI тIаде цIалеб, рекIелъ босулев сипат-сурат (куц-мухъ)

ПРИВЛЕКА́ТЬ *несов. см.* **привле́чь**

ПРИВЛЕЧЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **привле́чь**) пайда боси; аскIове цIай; гIагар гьави; пикру буссинаби; цIай; **~ к управле́нию госуда́рством** пачалихъалъе бетIерлъи гьабиялда, ишал рилъгьинариялда гьоркьове цIай (гIахьал гьави); **~ к отве́тственности** жавабчилъиялде цIай (жавабалде ахIи)

ПРИВЛ//ЕЧЬ *сов. 1) кого-что (приблuзить к себе)* гIагар гьавизе, аскIове цIазе 2) *кого-что (вызвать интерес)* интерес ккезабизе, буссинабизе; **вы́ставка ~екла́ мно́го люде́й** выставкаялъ гIемерал гIадамазул интерес ккезабуна; **шум ~ёк моё внима́ние** ахIихIуралъ (*жиндехунго*) дир пикру буссинабуна 3) *кого чем перен. (вызвать симпатию; возбудить интерес*) ракI цIазабизе (базабизе); **~ечь к себе́ свои́м умо́м** жиндирго гIакълуялдалъун жиндехунго ракI цIазабизе (базабизе) 4) *кого-что (к участию в чем-л.*) гIахьаллъи гьабизе вачине, тIамизе; **~чь к рабо́те** хIалтIулъ гIахьаллъи гьабизе вачине, тIамизе 5) *кого-что к чему*: **~чь к суду́** судалде цIазе 6) *что (использовать)* пайда босизе; **~чь но́вые материа́лы** цIиял материалаздасан пайда босизе, цIиял материалал хIалтIизаризе

ПРИВО́Д[1] *м* **1.** (*по гл.* **привести́**) вачин, щвезави **2**. *юр.* хIалица вачин

ПРИВО́Д[2], ПРИ́ВОД *м техн.* привод (*сверизабиялъе, тиризабиялъе, хIалтIизабиялъе, бачине къуват кьолеб механизм*)

ПРИВОДИ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **привести́ (сь)**

ПРИВО́З *м* **1.** (*по гл.* **привести́**) баччи, баччун бачIин **2**. *разг. (то, что привезено)* баччун бачIараб жо **3.** *базаралда* бичизе бачIараб къайи лъолеб бакI

ПРИВОЗИ́ ТЬ *несов. см.* **привезти́**

ПРИВОЗНО́Й, -ая, -ое босун бачIараб, къватIиса бачIараб; **~ това́р** къватIиса бачIараб къайи; **день ~** къайи бачIунеб къо

ПРИВО́Й *м. с.х.* бацIцIунеб чIор (*гъотIода*); бацIцIараб чIоралдасан лъугьараб гIаркьел

ПРИВОЛА́КИВАТЬ *несов. см.* **приволо́чь**

ПРИВОЛО́ЧЬ *сов. кого-что прост.* вехъерхъун вачине; бехъерхъун бачун щвезабизе

ПРИВО́ЛЬЕ *с* 1) (*простор*) гIатIилъи; **степно́е ~** авлахъалъул гIатIилъи 2) (*свобода*) эркенлъи

ПРИВО́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*о местности, пространстве*) гIатIидаб 2) (*свободный*) эркенав; **~ая жизнь** эркенаб гIумру

ПРИВОРА́ЖИВАТЬ *несов. см.* **приворожи́ ть**

ПРИВОРОЖИ́ ТЬ *сов. кого-что* 1) *уст.* сихIру гьабун рокьи ккезабизе 2) *перен. разг.* хIайранлъизавизе, сагьвиллъизавизе

ПРИВРА́ТНИК *м* рагьдахъаравул, кIалтIахъаравул

ПРИВРА́ТНИЦА *ж* рагьдахъаравул, кIалтIахъаравул

ПРИВСКА́КИВАТЬ *несов. см.* **привскочи́ ть**

ПРИВСКОЧИ́ ТЬ *сов.* тирщун (кIанцIун) тIаде вахъине; **~ от неожи́данности** ракIалдаго гьечIого (тохлъукьего) ккеялъ тирщун тIаде вахъине

ПРИВСТАВА́ТЬ *несов. см.* **привста́ть**

ПРИВСТА́ТЬ *сов.* тIаде ворхизе, эхеде гьункьизе

ПРИВЫКА́ТЬ *несов. см.* **привы́ кнуть**

ПРИВЫ́КНУТЬ *сов. к кому-чему и с неопр. лъиденuги-сунденuги* ругьунлъизе; **~ ра́но встава́ть** хекко тIаде вахъине ругьунлъизе; **~ к това́рищам** гьалмагъзабазде ругьунлъизе

ПРИВЫ́ ЧК//А *ж* 1) хасият, гIамал; **вре́дная ~а** заралияб хасият, гIамал; **войти́ в ~у ра́но встава́ть** радал хекко вахъин гIа-

датлъун лъугьине 2) *прост. (навык)* ругьунлъи; **без ~и коси́ть тру́дно** ругьунлъи гьечIого вецаризе (бецизе) захIмалъула

ПРИВЫ́ЧН//ЫЙ, -а, -ое 1) ругьунаб; **~ый о́браз жи́зни** гIумруялъул ругьунаб къагIида (ругьунаб гIумру гьабулеб къа-гIида) 2) (*знакомый*) лъалеб; **~ая доро́га** лъалеб нух 3) *разг. (приучившийся к чему-л.)* ругьунлъараб; **ру́ки, ~ые к труду́** хIалтIуде ругьунлъарал кверал

ПРИВЯ́ЗАННОСТЬ *ж* щулияб бухьен, тIолареб гьудуллъи; цоцадехун цIайи букIин

ПРИВЯЗА́ТЬ *сов.* 1) *кого-что к кому-чему:* **~ коня́ к я́блоне** чу гIечугьотIода бухьине 2) *что к чему перен. (вынудить находиться где-л.)* хIалица *кивниги* чIезавизе, *кивниги* вукIине тIамизе 3) *кого к кому (внушить привязанность)* жиндего буссинабизе; **~ к себе́ ребёнка** лъимер жиндего буссинабизе

ПРИВЯЗА́//ТЬСЯ *сов. к кому-чему* 1) (*привязать себя*) живго *сунденигu* ругьунлъун ккезе, *сунданигu* вухьинавизе 2) *перен. (почувствовать привязанность*) цоцадехун цIайи, рокьи, гьудуллъи букIин бичIчIизе; **де́ти ~лись друг к дру́гу** лъималазда цоцадехун цIайи (рокьи, гьудуллъи) букIин бичIчIулеб буго 3) *разг. (пристать*) тIаса вичIуларого вукIине, рекIун чIезе 4) *разг. (надоесть кому-л.)* бизар гьабизе, чIалгIинабизе, рекIун чIезе

ПРИВЯ́ЗЧИВЫЙ, -ая, -ое *разг.* 1) рекIараб, бичIулареб; **~ ребёнок** бичIулераб, (*эбелелда*) рекIараб лъимер 2) (*надоедливый*) бизар гьабулев, тIаса вичIуларев 3) (*придирчивый*) викIарулев, багьнал ралагьулев, багьнал гьарулев

ПРИВЯ́ЗЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **привяза́ть(ся)**

ПРИ́ВЯЗ//Ь *ж щибниги* бухьунеб чIоло, квар, рахас, рухьен, гIарщ

ПРИГВОЗДИТЬ *сов. кого-что* 1) *уст. (чем-л. острым*) борлъун рекIинабизе; магIал чIван рекIинабизе 2) *перен.* вагъаричIого чIезавизе; **~** *кого-л.* **взгля́д дом** *щивниги* берал речIчIизарун, вагъаричIого цо бакIалда чIезавизе ◊ **~ к позо́рному столбу́** суризавизе, халкъалдаго ргIизавизе (*байданалда хIободаги вухьун*)

ПРИГИБА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **пригну́ть(ся)**

ПРИГЛА́ДИТЬ *сов. что* 1) тIад квер бахъизе, битIизабизе (битIа-бишизабизе); **~ во́лосы** рас битIа-бишизабизе 2) *перен.* рекъезабизе; **~ стиль** стиль рекъезабизе (*лит.*)

ПРИГЛА́ЖИВАТЬ *несов. см.* **пригла́дить**

ПРИГЛАСИ́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое *киренигu* ахIараб, ахIун битIараб; **~ биле́т** ахIараб (ахIун битIараб, бачIараб) билет

ПРИГЛАСИ́ТЬ *сов. кого-что* 1) ахIизе; **~ госте́й** гьалбал ахIи-зе; **~ врача́** тохтур ахIизе 2) *(нанять)* мухьдахъ ккевезе; **~ на рабо́ту** хIалтIуе мухьдахъ ккевезе, мухь кьун хIалтIуде ахIизе

ПРИГЛАША́ТЬ *несов. см.* **пригласи́ть**

ПРИГЛАШЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **пригласи́ть**) ахIи (*кивенигu*) **2**. (*письмо, записка*) ахIун бачIараб кагъат

ПРИГЛУША́ТЬ *несов. см.* **приглуши́ть**

ПРИГЛУШИ́ТЬ *сов. что* гьитIин гьабизе, дагь гьабизе; **~ звук** гьаракь гьитIин гьабизе

ПРИГЛЯДЕ́ТЬ *сов. разг.* 1) *за кем-чем лъиданиги* хадуб хал гьабизе; **~ за детьми́** лъималазда хадуб хал гьабизе 2) *кого-что (подыскать)* балагьизе; **~ ме́сто для постро́йки** мина базе бакI балагьизе

ПРИГЛЯДЕ́ТЬСЯ *сов. к кому-чему разг.* 1) (*пристально всмотреться)* кIвар кьун балагьизе 2) (*привыкнуть*) ругьунлъизе; **~ к това́рищам** гьалмагъзабазде ругьунлъизе 3) (*стать привычным*) ругьунлъизе; **~ к темноте́** бецIлъиялде ругьунлъизе

ПРИГЛЯ́ДЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **приглядéться**

ПРИГЛЯНУ́//ТЬСЯ *сов. кому разг. (понравиться)* рекIее гIезе, берцин бихьизе; **ему́ ~лись э́ти места́** досие гьал бакIал рекIее гIуна; **она́ ему́ ~лась** досие гьей рекIее гIуна (досда гьей берцин йихьана)

ПРИГНА́ТЬ *сов.* 1) *кого-что* гъезе, къватIире къотIизе; **~ ста́до на водопо́й** рехьед гьекъезе къватIибе гъезе 2) *что (приладить)* рекъезебизе; **~ око́нную ра́му** гордазул рама рекъезабизе

ПРИГНУ́ТЬ *сов. кого-что* гьетIизабизе, хьетIизабизе; **~ ве́тки** гIаркьалаби гьетIизаризе

ПРИГНУ́ТЬСЯ *сов.* гьетIизе, гьетIун ине

ПРИГОВА́РИВАТЬ *несов.* 1) *см.* **приговори́ть** 2) (*говорить*) абизе

ПРИГОВО́Р *м* (приговор) судалъул хIукму; **обвини́тельный ~** гIайиб гIунтIизабураб хIукму; **вы́нести ~** хIукму гьабизе; **привести́ ~ в исполне́ние** хIукму тIубазабизе

ПРИГОВОРИ́ТЬ *сов. кого к чему (вынести приговор)* хIукму къотIизе; **к сме́ртной ка́зни** чIвазе къотIизе, чIвазе хIукму гьабизе

ПРИГОДИ́//ТЬСЯ *сов.* хIажалъизе, хIажалъи ккезе; **у́мный сове́т всегда́ ~тся** гIакъилаб малъи (малъа-хъвай) кидаго хIажалъула

ПРИГО́ДНОСТЬ *ж* ярагьин, бегьи

ПРИГО́ДНЫЙ, -ая, -ое ярагьунеб (бегьулеб); **ни к чему́ не ~** сундуениги ярагьунареб

ПРИГО́ЖИЙ, -ая, -ое берцинав, беричав (*о человеке*); роцIараб (*о погоде и т.п.*); **~ денёк** роцIараб къо

ПРИГОЛУ́БИТЬ *сов. кого разг.* веэдизе

ПРИГОЛУ́БЛИВАТЬ *несов. см.* **приголу́бить**

ПРИГОНЯ́ТЬ *несов. см.* **пригна́ть**

ПРИГОРА́ТЬ *несов. см.* **пригоре́ть**

ПРИГОРЕ́Л//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*подгоревший*) дагъаб бухIараб; **~ый пиро́г** (*бежулаго*) дагъаб бухIараб (чIурхIараб) пирог 2) (*пахнущий гарью*) бухIумахI бахъараб; **~ое молоко́** бухIумахI бахъараб рахь

ПРИГОРЕ́ТЬ *сов.* 1) (*о жареном, печеном*) дагъаб бухIизе (*бежулаго*) 2) (*о жидкой пище*) бухIумахI бахъине, тIинда бухIизе

ПРИ́ГОРОД *м* пригород (шагьаралда аскIоб, шагьаралъул ргIалда бугеб гIадамал чIараб бакI, росу); **~ы Москвы́** Москваялда аскIор ругел гIадамал чIарал бакIал, росаби

ПРИ́ГОРОДНЫЙ, -ая, -ое шагьаралда аскIоб, ргIалда бугеб, пригородалъул; **~ по́езд** пригородалде хьвадулеб поезд; **~ райо́н** шагьаралъул ргIалда бугеб район

ПРИГО́РОК *м* гохI, гохIккел

ПРИ́ГОРШНЯ *ж* дангъура; **пить во́ду ~ми** лъим дангъураз гьекъезе; **це́лая ~ оре́хов** дангъура цIураб цIулакьо

ПРИГОТА́ВЛИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **пригото́вить(ся)**

ПРИГОТОВИ́ТЕЛЬН/ЫЙ, -ая, -ое хIадурлъиялъулаб, хIадурлъиялда хурхараб, бухьараб; **~ые рабо́ты** хIадурлъиялъулал хIалтIаби; **~ый класс** хIадурлъиялъул класс

ПРИГОТО́ВИТЬ *сов.* 1) *кого-что* хIадуризе, хIадур гьабизе; **~ посте́ль** бусен-къайи хIадур гьабизе; **~ к поступле́нию в институ́т** институталде лъугьине хIадур гьавизе 2) *что* хIадуризе, хIадур гьабизе; **~ лека́рство** дару хIадур гьабизе 3) *что (освоить)* лъазабизе; **~ уро́ки** дарсал лъазаризе (хIадур гьаризе) 4) (*устроить заранее*) цебеккун хIадур гьабизе, ургъизе; **~ встре́чу** дандчIвай цебеккун хIадур гьабизе (дандчIваялъе хIадурлъи гьабизе) 5) *кого-что (настроить)* цебеккунго лъазабун, хIадурун тезе; **~ к неприя́тному изве́стию** рокьукъаб, лъикIаб гьечIеб хабаралъе цебеккунго хIадурлъи гьабун тезе 6) *что (сварить, изжарить)* бежун, белъун хIадур гьабизе; **~ обе́д** къадеквен хIадур гьабизе

ПРИГОТО́ВИТЬСЯ *сов. к чему и с неопр.* хIадурлъи гьабизе; **~ к отъе́зду** нахъе ине (нухда вахъине, вахъиналъе) хIадурлъи гьабизе

ПРИГОТОВЛЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **пригото́вить**) хIадури, хIадур гьаби **2.** (*по гл.* **пригото́виться**) хIадурлъи гьаби; **~ к прыжку́** кIанцIиялъе (кIанцIизе) хIадурлъи гьаби

ПРИГОТОВЛЯ́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **пригото́вить(ся)**

ПРИГРЕВА́ТЬ *несов. см.* **пригре́ть**

ПРИГРЕ́ЗИТЬСЯ *сов. кому* цебе тIамизе, макьилъ бихьизе

ПРИГРЕ́//ТЬ *сов. кого-что* 1) хинлъизабизе; **со́лнце ~ло зе́млю** бакъуца ракь хинлъизабуна 2) *перен. разг.* аскIове вачун, хьихьизе (веэдизе, тIад квер лъезе) ◊ **~ть змею́ на груди́** керен кьун борохь хьихьизе (баркалагьечIие лъикIлъи гьабизе)

ПРИГРЕ́ТЬСЯ *сов. разг.* хинлъизе; **~ на со́лнце** бакъалда хинлъизе

ПРИГРОЗИ́ТЬ *сов. кому-чему чем* хIинкъи кьезе; **~ суде́м** судалде кьелилан хIинкъи кьезе; хIинкъи кьун ишара гьабизе

ПРИГУБИ́ТЬ *сов. что* кIал хъвазе, дагъаб жо кIалдибе босизе, гьекъезе кIалдибе босизе (*чагъир, чIагIа ва гь.ц.*)

ПРИДАВА́ТЬ *несов. см.* **прида́ть**

ПРИДАВИ́ТЬ *сов. кого-что* чIинтIизе, чIинтIизабизе, тIаде цузе; ~ **па́лец две́рью** нуцIица килищ чIинтIизе

ПРИДА́ВЛИВАТЬ *несов. см.* **придави́ ть**

ПРИДА́НОЕ *с* 1) росасе унаго ясалъе кьолеб къайи-къоно 2) (*комплект белья для новорожденного*) цIигьавурасе, гьабураб лъимадуе (*бугеб*) гъоркьан ретIел

ПРИДА́ТОЧН//ЫЙ, -ая, -ое *грамм.* тIаджубараб; **~ое предложе́ние** тIаджубараб предложение

ПРИДА́ТЬ *сов.* 1) (*тIадеги*) кьезе; ~ **в по́мощь трех челове́к** кумекалъе тIадеги лъабго чи кьезе 2) *чего (прибавить)* цIикIкIинабизе; ~ **хра́брости** бахIарчилъи цIикIкIинабизе; 2) *что (сообщить какой-л. вид, свойство и т.п.*) кьезе (гьабизе); ~ **фо́рму треуго́льника** лъабокIоналъул форма кьезе (гьабизе) 4) что (*вложить какой-л. смысл*) магIна кьезе, магIна лъезе; **я не прида́л никако́го значе́ния его́ слова́м** гьесул рагIабазде дица кинаб букIаниги кIварго кьечIо; **он прида́л э́тим слова́м большо́е значе́ние** гьел рагIабазулъ дос кIудияб магIна лъуна

ПРИДА́Ч//А *ж* **1.** (*по гл.* **прида́ть**) тIадеги кьей 2. (*прибавка*) тIаде кьураб жо; **дать** *что-л.* **в ~у** тIадеги *щибниги жо* кьезе (жубазе) ◊ **в прида́чу** гьелда тIадеги; гьенибего

ПРИДВИГА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **придви́ нуть(ся)**

ПРИДВИ́НУТЬ *сов. кого-что* аскIобегIан цIазе, аскIобегIан бачине; гIагар гьабизе; ~ **шкаф к стене́** шкаф къадада аскIобегIан цIазе; (*сделать более близким по времени*): ~ **сро́ки** болжал гIагар гьабизе (къокъ гьабизе)

ПРИДВИ́НУТЬСЯ *сов.* гIагарлъизе; **войска́ придви́нулись к грани́цам** аскарал гIорхъабазде гIагарлъана (аскIорегIан рачIана); ~ **к столу́** столалда аскIовегIан къазе

ПРИДВО́РНЫЙ, -ая, -ое **1**. ханасул, парччахIасул кIалгIаялда (гьундузда) букIунеб (хурхараб, бухъараб); ~ **чин** кIалгIаялда хъулухъ гьабулесул чин **2.** *в знач. сущ. ~ м* кIалгIаялъулав; кIалгIаялда (гьундузда) парччахIасде гIагарав чи; парччахIасул хъулухъчи

ПРИДЕ́ЛАТЬ *сов. что к чему сунданиги* рекIинабизе, щулаго цолъизабизе; *устар.* гьабизе, гьабун лъугIизабизе (ищ), цIидасан хисизабун гьабизе; ~ **ру́чку к двери** нуцIида кверкъел рекIинабизе (базе); (*цебе бахъаралде, хъваралде*) тIаде жубазе

ПРИДЕ́ЛЫВАТЬ *несов. см.* **приде́лать**

ПРИДЕРЖА́ТЬ *сов.* 1) *кого-что* гьаругьинан, дагьа-макъаб къазе, ккун чIезабизе; багъаризе биччачIого чIезабизе; ~ **ло́шадь** чу кьан чIезабизе; заманалъ ккун чIезабизе 2) *что перен. разг. (припрятать*) *щибниги кигIаналиго заманалъ* нахъе лъун тезе (*биччIого, кьечIого, харж гьабичIого*); ~ **това́р** къайи нахъе лъун тезе ◊ ~ **язы́к** гIемер гаргадунгутIизе, кIал данде бачун тезе, вуцIцIун чIезе

ПРИДЕ́РЖИВАТЬ *несов. см.* **придержа́ть**

ПРИДЕ́РЖИВАТЬСЯ *несов.* 1) *за что* (гьаругьинан) *щибниги* кквезе, ккун чIезе; ~ **руко́ю за задо́к теле́ги** гьаказул нахъисеб рахъ квералъ кквезе 2) *чего* цо рахъ кквезе; ~ **пра́вой стороны** кваранаб рахъ кквезе (*нухлул*) 3) *чего перен.* батIияб, жиндиргo пикру букIине, сунданиги нахъвилъльине; ~ **другóго мне́ния** цогияб пикруялда нахъвилъльине

ПРИДИРА́ТЬСЯ *несов. см.* **придра́ться**

ПРИДИ́РКА *ж* гIайиб балагьизе лъугьин, гIиси-бикъинаб багъана бикIи, багьнал гьари, викIари

ПРИДИ́РЧИВЫЙ, -ая, -ое викIарулев, багъанаби рикIулев, гIиси-бикъинаб жоялъул бицунев, сундаго гIайиб чIвазе бокьулев; ~ **хара́ктер** гIиси-бикъинал гIайибал рикIулеб, багьнал гьару́леб гIамал-хасият

ПРИДОРО́ЖН//ЫЙ, -ая, -ое нухлул рагIалда, нух чIван бугеб; **~ая кана́ва** нух чIван (нухлул рагIалдасан) бугеб рахъ

ПРИДРА́ТЬСЯ *сов. к кому-чему* 1) багьнал ралагьизе, гIайибал рикIизе, ралагьизе; викIаризе лъугьине; ~ **к пустяку́** щибго гуреб (гIиси-бикъинаб) жоялда викIаризе лъугьине 2) (*воспользоваться)* гIиллалъун, багьаналъун кквезе; ~ **к слу́чаю** ккараб-тараб (лъугьа-бахъараб) гIиллалъун кквезе (бачине)

ПРИДУ́МАТЬ *сов.* 1) *что и с неопр. (изобрести)* ургъизе; ~ **но́вое сре́дство** цIияб дару ургъизе 2) *что (выдумать)* ургъун бахъизе (*гьечIеб жо*); ~ **отгово́рку** гьечIеб гIилла, багьана ургъун бахъизе 3) *что и с неопр. (сообразить, догадаться*) хIисаб гьабизе, ургъизе, нахъгIунтIизе; **~, что сказа́ть** абизе жо ургъизе; **я бо́льше ничего́ не могу́** ~ дида тIокIаб щибниги ургъизе кIоларо

ПРИДУ́ МЫВАТЬ *несов. см.* **приду́мать**

ПРИДУРКОВА́ТЫЙ, -ая, -ое гIантмахIав; гIамал бугеб (*чу*)

ПРИ́ДУРЬ *ж разг.*: **с ~ю** 1) дагьа-макъаб гIантлъигун, лъавукълъигун 2) квешаб тIабигIат-гIамалгун

ПРИДУШИ́ ТЬ *сов. кого* гьанкъизе, гьанкъизабизе

ПРИЕДА́ТЬСЯ *несов. см.* **прие́сться**

ПРИЕ́ЗД *м* (*по гл.* **приезжа́ть**) вачIин (*сунданиги рекIун*); ~ **делега́ции** делегация бачIин (бачIун тIаде щвей) ◊ **с ~ом!** лъикI щварав!

ПРИЕЗЖА́ТЬ *несов. см.* **прие́хать**

ПРИЕ́ЗЖ//ИЙ, -ая, -ее **1.** *кисаниги* вачIарав, *батIияб бакIалдаса* вачIарав; **~ая тру́ппа** *кисаниги* бачIараб артистазул къокъа **2**. *в знач. сущ.* **~ий** вачIарав (*вачIарав чи*) **3**. *в знач. сущ.* **~ая** ячIарай (*ячIарай гIадан*)

ПРИЁМ *м* **1.** (*по гл.***приня́ть**) 1) къабул гьари (*тIаде*); **часы́ ~а** тIаде къабул гьарулеб заман; ~ **больны́х** унтарал къабул гьари 2) (*употребление в пищу*); ~ **лека́рств** дараби гьекъей; ~ **пи́щи** кванай **2**. (*способ*) къагIида, куц; **~ы борьбы́** гугариялъул къагIидаби **3**. (*встреча*) дандчIвай; **устроить** ~ дандчIвай гьабизе ◊ **в оди́ н** ~ цоцIул, циндаго

ПРИЁМКА *ж (по гл.* **приня́ ть**) боси; **сда́ча и** ~ нахъекьей ва боси (*масала, хIалтIуде лъугьунаго, нахъе унаго*...)

ПРИЁМЛЕМ//ЫЙ, -ая, -ое къабул гьабизе, разилъизе бегьулеб; **~ое реше́ние** разилъизе бегьулеб хIукму

ПРИЁМНИК *м* **1.** *щибниги* къабул гьабулеб, данде гьабулеб, балеб, тIолеб бакI **2**. радиоприемник **3**. (*хадурккун рикьизегIан*) заманалъ *щалниги* къабул гьарулеб идара; **де́тский** ~ лъимал къабул гьарулеб идара *(заманалъ, цоги бакIалде ритIизегIан*)

ПРИСТРЕЛИ́ ТЬ *сов. кого* туманкI, таманча речIчIун чIвазе

ПРИСТРЕ́ЛКА *ж* тункIил, танчил хIал бихьизе кьвагьдей

ПРИСТРЕЛЯ́ ТЬ *сов.* кьвагьдон тункIил хIал бихьизе

ПРИСТРО́ИТЬ *сов.* 1) *что* цогиялда аскIоб базе; ~ **к шко́ле мастерску́ю** школалда аскIоб(цун) мастерская базе 2) *кого-что разг. (устроить) лъие (сундуе) букIаниги* хIалтIи балагьизе, хIалтIуде тIамизе 3) *кого-что (поставить в строй*) строялда (кьерда) лъезе, чIезавизе; ~ **второ́й взвод к пе́рвому** кIиабилеб взвод кьерда чIараб тIоцебесеб взводгун чIезабизе (аскIоб чIезабизе)

ПРИСТРО́ИТЬСЯ *сов.* 1) *разг. (поместиться)* аскIов вукIине, аскIов гьине (*лъиданиги*) 2) *разг. (на службу и т.п.)* хIалтIуде, хъулухъалде лъугьине 3) (*примкнуть к строю)* строялда (кьералда) цолъизе, чIезе

ПРИСТРО́ЙКА *ж* **1.** (*по гл.* **пристро́ить**) *сунданиги* аскIоб *щибниги* бай (*масала, рукъалда цузабун бокь бай*) **2**. (*пристроенное здание*) цебеккун баралда цузабун цIидасан бараб ригь, мина; **деревя́нная** ~ тIаде бараб цIулал рукъ

ПРИСТРОЧИ́ТЬ *сов. что* кьегI чIван букъизе, кьегI гьабизе

ПРИ́ СТУП *м* 1) (*атака, штурм*) тIаде кIанцIи, гьужум, атака 2) (**припа́док**) цойидасан бачIин; ~ **ка́шля** циндаго хIалцен бачIин 3) (*острое проявление*) кутакалда *щибниги* лъугьин, кьватIибе рехи (*унти, хIал...*)

ПРИСТУПА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **приступи́ ть(ся)**

ПРИСТУПИ́ ТЬ *сов.* 1) *к кому-чему уст. (подойти)* аскIовегIан вачIине 2) *к чему (начать)* байбихьизе; ~ **к де́лу** ишалде байбихьизе

ПРИСТУПИ́ ТЬСЯ *сов. к кому разг. (обратиться к кому-л.) лъидехунниги* хитIаб гьабизе; **к нему́ тру́дно** ~ гьесде гIагарлъизе (гьоркьоблъи гьабизе) захIмалъула

ПРИСТЫДИ́ ТЬ *сов. кого* нечезавизе, намуслъизавизе

ПРИСУДИ́ТЬ *сов.* 1) *кого-что к чему, что кому (приговорить)* хIукму гьабизе, тамихI къотIизе (*судалъ*); ~ **к штра́фу** гIакIа къотIизе 2) *кого-что кому разг. (вынести решение*) хIукму гьабизе 3) *что кому (назначить)* кьезе, чIезабизе; ~ **пе́рвую пре́мию** (*гьесие*) тIоцебесеб премия кьезе

ПРИСУЖДА́ТЬ *несов. см.* **присуди́ ть**

ПРИСУЖДЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **присуди́ть**) 1) судалъ тамихI къотIи 2) хIукму гьаби; кьей

ПРИСУ́ ТСТВИ//Е *с цо бакIалда* вукIин (*гьаб сагIаталъ*); **в его́ ~и** гьев вугеб бакIалда ◊ **~е ду́ха** сабру букIин, живго вакIаризе кIвей

ПРИСУ́ ТСТВОВАТЬ *несов. цо бакIалда* вукIине; ~ **на заседа́нии** заседаниялда (данделъиялда) вукIине

ПРИСЫЛА́ТЬ *несов. см.* **присла́ть**

ПРИСЫ́ПАТЬ *сов.* 1) *что, чего (добавить)* баралда (щваралда) тIаде дагьабги жубазе 2) *что чем (посыпать)* тIаде хIуризе (хIулизе), щвазе (*цIан, чакар*)

ПРИСЫПА́ТЬ *несов. см.* **присы́ пать**

ПРИСЫ́ ПКА *ж* **1.** (*по гл.* **присы́ пать**) тIаде щвай, хIури, бай **2.** *(порошок*) тIаде щвалеб (балеб) хIарараб жо, порошок

ПРИСЫХА́ТЬ *несов. см.* **присо́хнуть**

ПРИСЯ́Г//А *ж* гьа; **вое́нная ~а** рагъулаб гьа; **принести́ ~у** гьа базе; **привести́ к ~е** гьа базе вачине

ПРИСЯГА́ТЬ *несов. см.* **присягну́ть**

ПРИСЯГНУ́ТЬ *сов. кому-чему* гьедизе, гьа базе; ~ **в ве́рности** ритIухълъиялъе гьа базе (гьедизе)

ПРИТАИ́ ТЬСЯ *сов.* вахчун (кьерун, сихI къотIун) чIезе

ПРИТА́ПТЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **притопта́ть(ся)**

ПРИТА́СКИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **притащи́ ть(ся)**

ПРИТАЩИ́ ТЬ *сов.* 1) *кого-что* бехъерхъизе, бехъерхъун бачине; ~ **бревно́** чIалу бехъерхъун бачине 2) *что разг. (принести)* босун бачIине 3) *кого разг. (привести с собой)* цадахъ вачине (*ахIун, лъикIаб бищун*); хIалица вачине

ПРИТАЩИ́ ТЬСЯ *сов. разг.* хIалица вачIине

ПРИТВОРИ́ТЬ *сов. что* къазе, данде бачине; ~ **за собой дверь** жиндаго хадуб нуцIа къазе

ПРИТВОРИ́//ТЬСЯ[1] *сов. (закрыться)* къан ине *(жибго);* **дверь ~лась** нуцIа къан ана

ПРИТВОРИ́ТЬСЯ[2] *сов. кем и без доп. (прикинуться)* ххвел гьабизе, ххвел гьабун чIезе; **~ спя́щим** кьижараб ххвел гьабун чIезе

ПРИТВО́Р//НЫЙ, -ая, -ое ххвалилаб, уян ккезелъун гьабулеб; **~ые слёзы** гьересиял магIил гарал

ПРИТВО́РСТВО *с* ххвел, ххвел-кечI

ПРИТВО́РЩИК *м* ххвелал гьарулев чи, ххвелчи

ПРИТВО́РЩИЦА *м* ххвелал гьарулей гIадан

ПРИТВОРЯ́ ТЬ *несов. см.* **притвори́ ть**

ПРИТВОРЯ́ ТЬСЯ[1,2] *несов. см.* **притвори́ ться**[1,2]

ПРИТЕРПЕ́ТЬСЯ *сов. к кому-чему и без доп. разг.* хIехьон ругьунлъизе; **~ к бо́ли** унтиялде ругьунлъизе

ПРИТЕСНЕ́НИ//Е *с* **1. (***по гл.* **притесни́ ть**) кьварилъи гьаби, нахъе цуй, зулму-хIал гьаби; **терпе́ть ~я** зулму-хIал хIехьезе

ПРИТЕСНИ́ ТЕЛЬ *м* кьварилъи гьабулев чи, зулмучи

ПРИТЕСНИ́ ТЬ *сов. кого-что* зулму гьабизе, кьварид гьавизе

ПРИТЕСНЯ́ ТЬ *несов. см.* **притесни́ ть**

ПРИТИХА́ТЬ *несов. см.* **прити́ хнуть**

ПРИТИ́ ХНУТЬ *сов.* 1) (*умолкнуть*) сасине, буцIцIине; **ребёнок прити́х** лъимер буцIцIана 2) (*стать тише*) секьизе, гIодоцине; **ве́тер прити́ х** гьури секьана (гIодоцана)

ПРИТКНУ́ ТЬ *сов. что (примостить)* лъезе, къазабизе; **~ ве́щи в у́гол** къайи-къоно бокIнида къазабизе; (*сунданиги)* цун лъезе

ПРИТКНУ́ ТЬСЯ *сов. куда (примоститься)* цун чIезе; санагIалъи гьечIеб бакIалде ккезе

ПРИТО́К *м* 1) чвахи; цIикIкIин; **~ покупа́телей** бичун босулел цIикIкIин; **~ све́жего во́здуха** бацIцIадаб гьавадул чвахи 2) *геогр.* гIаркьел; гIурулъе чвахулеб гIор; **Ока ~ Во́лги** Ока ккола Волгаялъул гIаркьел

ПРИ́ ТОЛОК//А *ж* тIасияб ххен *(ххундузул)*; **сту́кнуться голово́й о ~у** тIасияб ххеналда бетIер тункизе

ПРИТО́М *союз* гьелдаго цадахъ, гьеб гуребги, гьелда тIадеги; **он умён и ~ о́чень добр** гьев цIодорав вуго, гьелда тIадеги цIакъ ракI лъикIавги вуго

ПРИТО́Н *м* притон *(квешал къасдазе ва ишазе квешал чагIи данделъулеб бак1)*

ПРИТО́ПНУТЬ *сов.* гIодоб хIетIе кьабизе

ПРИТОПТА́ТЬ *сов. что* хIатIаз (малаца) мерхьине

ПРИТОПТА́ТЬСЯ *сов.* мерхьунев вукIине

ПРИТО́ПЫВАТЬ *несов.* 1) *см.* **притопну́ть**; 2) (*стучать ногами в такт*) данде ккезарун, хIатIал гIодор кьабизе

ПРИТОРА́ЧИВАТЬ *несов. см.* **приторочи́ ть**

ПРИТОРМА́ЖИВАТЬ *несов. см.* **притормози́ ть**

ПРИТОРМОЗИ́ТЬ *сов. что и без доп.* тормоз гьабизе; ин хьадар гьабизе

ПРИ́ТОРН//ЫЙ, -ая, -ое 1) ракI чIвазабулеб; цIакъго гьуинаб, беэнаб; **~ый вкус** ракI чIвазабулеб тIагIам 2) *перен. (слащавый)* цIекIав, гIорхъолъа ун гIамал-хасият бихьизабизе лъугьунев; **~ая улы́ бка** цIекIаб гьими

ПРИТОРОЧИ́ ТЬ *сов. что* чIалаз (рачалабаз) кьолоде бухьине

ПРИТРА́ГИВАТЬСЯ *несов. см.* **притро́нуться**

ПРИТРО́НУТЬСЯ *сов. к кому-чему* квер хъвазе, квашизе

ПРИТУПИ́ ТЬ *сов. что* 1) (*сделать тупым*) тIехIинабизе, свинабизе (*нус*); **~ топо́р** гIащтIи свинабизе 2) *перен. (ослабить)* загIиплъизабизе; загIиплъизе; **~ внима́ние** пикру, кIваркьей загIиплъизе

ПРИТУПИ//ТЬСЯ *сов.* 1) (*стать тупым*) тIехIине, свине; **нож ~лся** нус свана (сун буго) 2) *перен. (ослабеть)* загIиплъизе, дагьлъизе; **па́мять ~лась** рекIел цIодорлъи загIиплъун буго

ПРИТУПЛЁНИЕ *с* **1.** (*по гл.* **притупи́ ть**) свинаби, тIехIинаби **2**. (*по гл.* **притупи́ ться**) загIиплъи; тIехIин, свин; **~ бди́тельности** цIодорлъи (тохлъунгутIи) загIиплъи

ПРИТУПЛЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **притупи́ ть(ся)**

ПРИ́ ТЧА *ж* 1) притча, гIакълу-лъай жиндилъ бугеб гьитIинаб хабар 2) *разг. (о непонятном явлении)*: **что за ~ ?** гьабго щиб гIажаиблъи, щиб хIикмат?

ПРИТЯГА́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое ракI тIаде цIалеб, интерес багъаризабулеб, бижизабулеб

ПРИТЯ́ ГИВАТЬ *несов. см.* **притяну́ть**

ПРИТЯЖЕ́НИЕ *с физ.* цIай (цоцазде цIай); **земно́е ~** ракьулаб цIай, ракьалъ цIай

ПРИТЯЗА́НИЕ *с* дагIба бай, къецалде (чIалде) рахъин; **~ на насле́дство** ирс сабаблъун дагIба бай

ПРИТЯЗА́ТЬ *несов. на кого-что* дагIба базе, къецалде рахъине; **~ на насле́дство** ирсалда дагIба базе; **~ на остроу́мие** гIакъиллъиялъе, каламалъул бегIерлъиялъе кьецалде рахъине

ПРИТЯНУ́ ТЬ *сов. кого-что* 1) (*подтащить*) цIан аскIобегIан бачине; **~ ло́дку к бе́регу** раса рагIалдегIан цIазе 2) *перен. разг. (обязать)* тIадаблъун гьабизе; жиндехунго цIазе, жиндиего мутIигI гьавизе

ПРИУКРА́СИТЬ *сов. разг. кого-что* дагьаб берцин гьабун къачIазе; бугелдаса берцинаб, лъикIабилан бихьизабизе; **~ свой расска́з вы́думками** жиндирго хабар ургъун рахъарал жалаз берцин гьабизе

ПРИУКРА́СИТЬСЯ *сов. разг.* къачIа-кIатIазе

ПРИУКРАША́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **приукраси́ть(ся)**

ПРИУКРА́ШИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **приукраси́ть(ся)**

ПРИУМЕНЬША́ТЬ *несов. см.* **приуме́ньшить**

ПРИУМЕНЬШЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **приуме́ньшить**) дагь гьаби, гьитIин гьаби, мукъсан гьаби

ПРИУМЕ́НЬШИТЬ *сов. что* гьитIин гьабизе, дагь гьабизе, мукъсан гьабизе, камизабизе

ПРИУМНОЖА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **приумно́жить(ся)**

ПРИУМНОЖЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **приумно́жить**) гIемер гьаби, къадар цIикIкIинаби **2**. (*по гл.***приумно́житься**) (дагьабги) гIемерлъи, къадар цIикIкIин

ПРИУМНО́ЖИТЬ *сов. что* гIемер гьабизе, къадар цIикIкIинабизе

ПРИУМНОЖА́ТЬСЯ *сов.* гIемерлъизе, къадар цIикIкIине

ПРИУМОЛКА́ТЬ *несов. см.* **приумо́лкнуть**

ПРИУМО́ЛКНУТЬ *сов. разг.* сихI къотIизе, вуцIцIун чIезе (*циндаго яги заманалъ*)

ПРИУНЫ́ ТЬ *сов. разг.* пашманлъизе, ракI кьварилъизе, гIодов чIвазе

ПРИУРО́ЧИВАТЬ *несов. см.* **приуро́чить**

ПРИУРО́ЧИТЬ *сов. что* данде ккезабизе (*цо иш гьабулеб заман цогиялде)*; **~ отъе́зд к весне́** нахъе унеб заман ихдаде ккезабизе

ПРИУСА́ДЕБНЫЙ, -ая, -ое рукъалда (минаялда) аскIоб (цебе) бугеб (*ракь*); **~ уча́сток** рукъалда цебе бугеб участок (ракь)

ПРИУТИ́ Х//НУТЬ *сов. разг.* 1) сасине, гIодоцине; секьизе; **ве́тер приути́х** гьури секьана 2) (*перестать шуметь*) ахIи-хIур къотIизабизе; **де́ти ~ли** лъималаз ахIи-хIур къотIизабуна (лъималгIодоре риччана), лъималаз сас тана

ПРИУЧА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **приучи́ ть(ся)**

ПРИУЧИ́ ТЬ *сов. кого к чему и неопр.* ругьун гьавизе, малъизе, лъазабизе; **~ ребёнка к поря́дку** лъимер гIадлуялде ругьун гьабизе

ПРИУЧИ́ТЬСЯ *сов. к чему и с неопр.* ругьунлъизе, лъазе; **~ рано встава́ть** (радал) хекко тIаде вахъине ругьунлъизе

ПРИФРАНТИ́ТЬСЯ *сов. разг.* цIутIа-хIутIун вукIине, чIухIа-къулун вукIине

ПРИФРОНТОВ//О́Й, -ая, -ое фронталда аскIоса гIедебе (свера-хъерун) бугеб

ПРИХВА́РЫВАТЬ *несов. разг.* щокълъизе, щокълъун вукIине

ПРИХВАСТНУ́ ТЬ *сов. разг.* вещцаризе, дагьа-макъав живго вещцизе; **он лю́ бит ~** гьесизе вещцаризе бокьула

ПРИХВАТИ́ТЬ *сов. разг.* 1) *кого-что* цадахъ босизе; **~ с собо́й и кни́ гу** цадахъ тIехьги босизе 2) *кого-что (застать)* тIаде ккезе, тIад речIчIизе 3) *что (повредить морозом)* квач хъвазе (квачалъ зиян гьабизе) 4) *кого-что (захватить)* кквезе 5) *что (привязать) (хехго)* бухьине, бухьа-бутIине

ПРИХВА́ТЫВАТЬ *несов. см.* **прихвати́ ть**

ПРИХВОРНУ́ ТЬ *сов. разг.* лъикI гьечIого лъугьине, дагьамакъав унтизе (щокълъизе)

ПРИХЛЕБНУ́ ТЬ *однокр. к* **прихлёбывать**

ПРИХЛЁБЫВАТЬ *несов. что разг.* дагь-дагьккун (*гIуркъичIого*) гьекъезе (*зама-заманалдасан*)

ПРИХЛО́ПНУТЬ *сов.* 1) *что и без доп.* тIад хъат кьабизе 2) *что (закрыть)* дваргъан къазе 3) *что разг. (прищемить)* чIин-тIизе 4) *кого прост. (убить)* чIвазе, иш лъугIизабизе

ПРИХЛО́ПЫВАТЬ *несов.* 1) *см.* **прихло́пнуть;** 2) (*сопровождать что-л. хлопками*) *сундуениги* хъат чIвазе (*данде ккезабун, цадахъ*)

ПРИХО́Д *м* **1.** (*по гл.* **приходи́ ть**) бачIин; **~ по́езда** поезд бачIин **2**. (*доход, поступление*) пайда, тIаде бачIин (*гIарац*) **3.** *церк.* приход (*христиан диналъул бищун гъоркьияб гIуцIи*)

ПРИХОДИ́ ТЬ *несов. см.* **прийти́**

ПРИХОДИ́ ТЬСЯ *несов.* 1) *см.* **прийти́ сь;** 2) *кому (о родстве)* ккезе; **он мне прихо́дится дя́ дей** гьев дир имгIал ккола

ПРИХО́ДН//ЫЙ, -ая, -ое бачIиналъул, тIаде бачIиналъул; **~ая ве́домость** тIаде бачIараб жо хъвалеб ведомость

ПРИХО́ДОВАТЬ *несов. что* тIаде бачIараб жо хъвазе

ПРИХОДЯ́Щ//ИЙ, -ая, -ее (*тIадаб*) иш тIубазе вачIунев (*цинги нахъеги унев*); **~ая домрабо́тница** хIалтIи гьабизе хьвадулей (ячIуней) рокъотел

ПРИХО́ЖАЯ *ж* жанахI, цеберукъ

ПРИХОРА́ШИВАТЬ *несов. кого-что разг. щивниги* къачIакIатIазе, берцин гьавизе

ПРИХОРА́ШИВАТЬСЯ *несов. разг. (живго)* къачIа-кIатIазе, берцин гьавизе

ПРИХОТЛИ́ВОСТЬ *ж* 1) (*капризность*) гогьлъи; гIамаликълъи; **~ хара́ктера** гIамал-хасиятлъул гогьлъи 2) (*причудливость*) гIажаиблъи; бичIчIизе захIмалъи; тIасанккей

ПРИХОТЛИ́ВЫЙ, -ая, -ое 1) (*капризный*) гIамаликъаб, гогьаб; **~ ребёнок** гогьаб лъимер; **~ узо́р** гIажаибаб накъищ (*бичIчIизе захIматаб, жуба-гъубараб накъищ*)

ПРИ́ ХОТЬ *ж* гогьлъи; ахIмакъаб мурад; ургъун бахъараб жо

ПРИХРА́МЫВАТЬ *несов.* дагьавго рекъдизе

ПРИЦЕ́Л *м* 1) (*приспособление*) ишан 2) *(наводка)* ишан кквей, гIужие боси ◊ **взять** *кого-л.* **на ~** пикру *лъидениги* буссинабизе, хадуб хал кквезе

ПРИЦЕ́ЛИВАТЬСЯ *несов. см.* **прице́литься**

ПРИЦЕ́ЛИТЬСЯ *сов.* ишан кквезе, гIужие босизе

ПРИЦЕ́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое *воен.* ишаналъул; ишан ккун (гIужие босун) гьабулеб; **~ый ого́нь** ишан ккураб (гIужие босараб) кьвагьдей, ишан ккун кьвагьдей

ПРИЦЕ́НИВАТЬСЯ *несов. см.* **прицени́ ться**

ПРИЦЕНИ́ТЬСЯ *сов. к кому-чему бичулесда* багьа цIехезе (*бичулеб жоялъул*)

ПРИЦЕ́П *м* прицеп, тракторалда, машинаялда… нахъа балеб гьоко, вагон; **тра́ктор с ~ом** нахъа гьоко бараб трактор

ПРИЦЕПИ́ТЬ *сов. что* 1) *(сцепить)* базе; **~ ваго́н к по́езду** поездалда нахъа вагон базе 2) *разг. (приколоть) сунцаниги* чIвазе, рекIинабизе; **~ бант** чалу рекIинабизе

ПРИЦЕПИ́ ТЬСЯ *сов.* 1) (*пристать*) рекIун чIезе; бан чIезе 2) *перен. разг. (придраться)* багьанаби ралагьизе, викIаризе, гьечIел гIайибал гIунтIизаризе

ПРИЦЕ́ПКА *ж* **1.** (*по гл.* **прицепи́ть**) рекIинаби, хадуб бай **2.** *разг. (крючок, петля*) гьанцIа, кIичI **3.** *перен. разг. (придирка)* багьнал ралагьи **4.** багьаналъун рикIкIинесеб жо

ПРИЦЕПЛЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **прицепи́ ть(ся)**

ПРИЦЕПНО́Й, -ая, -ое нахъа рекIинабулеб, нахъа балеб; **~ ваго́н** нахъа балеб вагон

ПРИЧА́Л *м* **1.** (*по гл.* **прича́лить**) бачIун чIей, чIезаби **2.** *(канат) бачIун чIараб* гама бухьунеб квар, рахас **3.** причал, гумул чIолеб бакI; **ка́тер стои́ т у ~а** катер причалалда чIун буго

ПРИЧА́ЛИВАТЬ *несов. см.* **прича́лить**

ПРИЧА́ЛИТЬ *сов.* 1) *что (укрепить)* бухьине, щула гьабизе (*рагIалда яги ракьалда (гама, дирижабль)* 2) (*пристать)* бачIун чIезе (*рагIалда*); бачун чIезабизе (*гама*)

ПРИЧА́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое причалалъул; **~ кана́т** причалалъул квар (*причалалда гама бухьунеб квар*)

ПРИЧА́СТИЕ[1] *с грам.* причастие

ПРИЧА́СТИЕ[2] *с церк.* причастие (*христианазул килисаялда гьабулеб цо гIадат; гьеб гIадат гьабулелъул кьолеб чагъирги чадил кесекги*)

ПРИЧАСТИ́ ТЬ *сов. кого сундулниги* гIахьалчилъун гьавизе

ПРИЧА́СТНОСТЬ *ж (участие) сунданиги* гъорлъ гIа-хьаллъи гьаби, гIахьаллъи букIин

ПРИЧА́СТНЫЙ[1]**,** -ая, -ое гьоркьоблъи, гIахьаллъи бугеб; **он к э́ тому не прича́стен** гьесул гьелдехун гьоркьоблъи гьечIо

ПРИЧА́СТН//ЫЙ[2], -ая, -ое *грам.* причастиялъул(аб); **~ая фо́рма** причастиялъул форма

ПРИЧЕСА́ТЬ *сов. кого-что* хазе; **~ во́лосы** рас (катIари) хазе

ПРИЧЕСА́ТЬСЯ *сов.* жиндирго бетIер хазе

ПРИЧЁСКА 1. (*по гл.* **причеса́ть**) ххай **2**. (*по гл.* **причеса́ться**) (*жиндирго*) бетIер ххай **3**. причёска (х*хан, къунцIун къачIараб ботIрол рас),* катIари

ПРИЧЁСЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **причеса́ть(ся)**

ПРИЧИ́ Н//А *ж* гIилла; **уважи́ тельная ~а** хIисабалде босизе (къабул гьабизе) бегьулеб гIилла; **без вся́кой ~ы** щибго гIилла гьечIого; **по той ~е** гьеб гIиллаялъе гIоло

ПРИЧИНИ́ ТЬ *сов. что* гьабизе, *сундуениги* гIиллалъун ккезе; **~ вред** зарал гьабизе; **~ боль** унтизабизе

ПРИЧИ́ННОСТЬ *ж* сабаблъун букIин, гIиллалъун букIин, гIиллалъун ккей

ПРИЧИ́ НН//ЫЙ, -ая, -ое 1) *филос.* гIиллалъун кколеб, гIиллаялъулаб; **~ая связь** гIиллаялъулаб бухьен 2) *грам.* **~ые прида́точные предложе́ния** гIиллалъун тIаджурарал предложениял

ПРИЧИНЯ́ ТЬ *несов. см.* **причини́ ть**

ПРИЧИ́СЛИТЬ *сов.* 1) *что (прибавить) (хIисаб гьабулаго) кибениги* рикIкIине, тIаде рехизе, жубазе 2) *кого-что (назначить)* тIамизе 3) *кого-что (признать за кого-, что-л.) щивлъунниги* рикIкIине

ПРИЧИСЛЯ́ ТЬ *несов. см.* **причи́ слить**

ПРИЧИТА́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **причита́ть**) магIу гьаби **2**. (*обрядовая песня*) магIу

ПРИЧИТА́ТЬ *несов.* (*плакать*) магIу гьабизе; **~ по поко́йнику** хварасде (хварасдасан) магIу гьабизе

ПРИЧИТА́//ТЬСЯ *несов. кому-чему* (бачIине) ккезе, (кьезе) ккезе; **за рабо́ту мне ~ется сто рубле́й** хIалтIухъ дие нусго гъурущ (бачIине) ккола

ПРИЧМО́КИВАТЬ *несов. см.* **причмо́кнуть**

ПРИЧМО́КНУТЬ *сов.* чIванкIи бахъинабизе

ПРИЧУ́ДА *ж* гIажаибаб, тамашаяб иш; гогьаб иш, тIасан ккараб гогьлъи

ПРИЧУ́ ДИТЬСЯ *сов. разг.* цебе тIамизе, бугилан ккезе

ПРИЧУ́ДЛИВЫЙ, -ая, -ое 1) (*замысловатый*) бичIчIизе, нахъгIунтIизе кIолареб куцалъ гьабураб, гIажаибаб гIадаб, хIикматаб 2) *разг. (капризный*) мекъав, бичIчIизе захIматаб гIамалалъул

ПРИШВАРТОВА́ТЬ *сов. что мор. (гама)* рахасалъ, тросалъ *сундехунниги* щула гьабизе (бухьине)

ПРИШЕ́ЛЕЦ *м кисаниги* вачIун чIарав чи, апараг

ПРИШИБИ́ТЬ *сов. кого-что разг.* 1) (*убить*) чIинтIизе; *щибниги* бакIаб жоги кьабун, чIинтIун рехизе 2) *перен. разг. (привести в угнетённое состояние*) кьварид гьавизе, гIодов чIвазавизе, ракI бекизабизе

ПРИШИ́БЛЕННЫЙ, -ая, -ое *разг.* чIинтIизабураб; ракI бекараб; **~ вид** ракI бекараб (цIакъ пашманаб) хIал

ПРИШИВА́ТЬ *несов. см.* **приши́ ть**

ПРИШИВНО́Й, -ая, -ое букъараб, нахъе бахъунареб

ПРИШИ́ТЬ *сов. что* 1) букъизе, букъун рекIинабизе; **~ рука́в** гурдил къвал букъизе 2) (*прибить*) кьабун щула гьабизе; кьабизе; **~ до́ску** хъарщи (магIал чIван) щула гьабизе (*сунденигu*) 3) *кому-чему перен. прост.* (*обвинить*) бугьтан лъезе, мекъи гIайиб гIунтIизабизе

ПРИШКО́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое школалда аскIоб бугеб

ПРИ́ ШЛЫЙ, -ая, -ое къватIиса вачIарав (чи), апараг

ПРИШПИ́ ЛИВАТЬ *несов. см.* **пришпи́ лить**

ПРИШПИ́ ЛИТЬ *сов. что* шпилькаялъ (рукIкIеналъ) рекIинабизе; чIвазе

ПРИШПО́РИВАТЬ *несов. см.* пришпо́рить

ПРИШПО́РИТЬ *сов. кого* шпорал (чакмабазда ралел маххал) тункун чу хехлъизабизе

ПРИЩЁЛКИВАТЬ *несов. см.* **прищёлкнуть**

ПРИЩЁЛКНУТЬ *сов. чем* чIинкьан, кьинкIан (гьаракь) бахъинабизе; **~ языко́м** мацIалъ кьинкIан гьаракь бахъинабизе

ПРИЩЕМИ́ ТЬ *сов. кого-что* чIинтIизабизе *(гьоркьобе ккезабун*), данде къазе ◊ **~ хвост** *кому щивниги* захIматаб хIалалде ккезавизе

ПРИЩЕМЛЯ́ ТЬ *несов. см.* **прищеми́ ть**

ПРИЩЕ́П *м с.-х.* **1.** (*по гл.* **прищепи́ть**) сураб (хъвалхьараб) бакIалда бацIцIине чIор лъей **2**. (*расщеплённое место*) бацIцIараб бакIалда лъураб чIор

ПРИЩЕПЛЯ́ ТЬ *несов. см.* **прищепи́ ть**

ПРИЩЕПИ́ТЬ *сов.* бацIцIунеб бакIалда чIор лъезе (*гъо-тIода*)

ПРИЩЕ́ПОК *м с.-х.* чIор (*бацIцIине хIадурараб*)

ПРИЩИ́ ПКА *ж с.-х.* тIогьиса кIури (тIогьиса къунцIи)

ПРИЩИПНУ́ ТЬ *сов. что с.-х.* тIогьиса кIуризе

ПРИЩИ́ ПЫВАТЬ *несов. см.* **прищипну́ть**

ПРИЩУ́РИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **прищу́рить(ся)**

ПРИЩУ́РИТЬ *сов. что* берал кьинкIизе, кьанщизе; **~ ле́вый глаз** квегIаб бер кьинкIун валагьизе; беразул кьвакераби цодагьал данде рачине

ПРИЩУ́РИТЬСЯ *сов.* берал кьанщезаризе; **~ от я́ркого све́та** гвангъараб канлъиялъ берал кьанщезаризе

ПРИЮ́ Т *м* 1) вахчизе, вукIине, хIухь бахъизе, чIезе бегьулеб бакI (рукъ); **найти́** ~ чIезе бегьулеб бакI батизе 2) *уст.* (*эбел-эмен, чIараб бакI гьечIел лъимал хьихьулеб рукъ*) бесдалазул рукъ

ПРИЮТИ́ ТЬ *сов. кого-что* парахат гьавизе, чIезе бакI кьезе

ПРИЮТИ́ ТЬСЯ *сов.* парахалъизе, чIезе бакI батизе, *кивниги* чIезе

ПРИЯ́ ЗНЬ *ж уст. лъидехунниги* ракIбитIи, гьунлъи, лъикIаб гьоркьоблъи

ПРИЯ́ ТЕЛЬ *м* гьудул, гьудул-гьалмагъ

ПРИЯ́ ТЕЛЬНИЦА *ж* гьудул, гьудул-гьалмагъ

ПРИЯ́ ТЕЛЬСК//ИЙ, -ая, -ое гьудуллъиялъул(аб), гьудул-гьалмагъллъиялъул (-аб); **~ие отноше́ния** гьудул-гьалмагъллъи-ялъулал гьоркьорлъаби

ПРИЯ́ ТНО 1. *нареч.* лъикI **2**. *в знач. сказ.* лъикI буго; **ему́ бы́ ло ~, что** гьесие лъикI букIана...

ПРОАНАЛИЗИ́ РОВАТЬ *сов. что* анализ гьабизе

ПРО́Б//А *ж* **1.** (*по гл.* **про́бовать**) хал гьаби, хIал бихьи; **взять на ~у** хIал бихьиялъе босизе **2**. (*образчик*) анализалъе, хIал бихьизе босулеб жоялъул гьитIинаб бутIа **3**. (*содержание драгоценного металла*) сплавалда гьорлъ хириял металлазул (къадар) роцен; тIагIелазда гьорлъ меседил (гIарцул) къадар бихьизабизе тIад кьабураб мугьру ◊ **вы́сшей ~ы** тIадегIанаб качествоялъул, махшалил

ПРОБАВЛЯ́ТЬСЯ *несов. разг.* 1) *чем (довольствоваться)* бугелда гIей гьабун, чIезе 2) (*содержать себя чем-л.*) бетIербахъиялъе жо балагьизе, *сундасанниги* бетIербахъи гьабизе; 3) (*проводить время*) заман инабизе, заман чIвазе

ПРОБА́ЛТЫВАТЬСЯ *несов. см.* **проболта́ться**

ПРОБЕ́Г *м* **1.** (*по гл.* **пробежа́ть**) рекерун ин (*сунданиги аскIосан*) **2**. *спорт.* рекери; **лы́жный ~** лыжабазда рекери **3**. (*расстояние*) (*тараб*) манзил; **су́точный ~ паровóза** сордо-къоялъ паровозалъ толеб манзил **4.** (*нахождение в пути*) *гIемераб заманалъ хIалтIулаго* машинаялъ тараб нух

ПРОБЕ́ГАТЬ *сов. что и без доп.* 1) (*некоторое время) (кигIаналиго заманалъ)* векеризе, векерахъдизе, векерулев вукIине 2) *что разг. (пропустить)* векерахъдулаго *щибниги жо* гьоркьоб биччазе, *сундасаниги* махIрумлъизе

ПРОБЕГА́ТЬ *несов. см.* **пробежа́ть**

ПРОБЕЖА́//ТЬ *сов.* 1) *что и без доп. (проследовать бегом*) (*лъиданиги-сунданиги)* аскIосан векерун ине; **~ть ми́мо до́ма** минаялда аскIосан векерун ине 2) **~ть де́сять киломе́тров** анцIго километралъ векерун ине 3) (*о времени*) хехго ине (*заман*) 4) *что перен. (бегло прочитать)* бер речIчIизабизе, хехго цIализе 5) *перен. (в мыслях)* пикрабалъ паркъун ине; **дрожь ~ла у меня́ по те́лу** дир черхалда сири бана

ПРОБЕ́Л *м* 1) (*пропуск)* гьоркьоб хутIараб чIобогояб бакI; гьоркьоб биччай 2) *перен. (упущение)* гIунгутIи, ками, мукъсанлъи

ПРОБЕ́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое чIобогояб, гьоркьоб биччараб ◊ **~ матери́ал** *полигр.* хIарпазда (рагIабазда, мухъазда) гьоркьоб бакI тезелъун лъолел (металлалъул, пластмассалъул, цIулал) чIалал

ПРОБИВА́ТЬ *несов. см.* **проби́ ть 1, 2**

ПРОБИВА́ТЬСЯ *несов. см.* **проби́ ться 1, 2, 4**

ПРОБИВН//О́Й, -ая, -ое 1) борлъулеб, борлъизе кIолеб; **~а́я си́ла снаря́да** гуллил борлъизе (каратI бахъизе) кIолеб къуват 2) *перен. разг.* бокьаралъубе нух бахъулев; бажари бугев, чIаголъи бугев; **~ой па́рень** чIаголъи бугев (речIчIа-регIарав) гIолилав

ПРОБИРА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **пробра́ть(ся)**

ПРОБИ́ РКА *ж* пробирка (*цояб рахъги къараб цIорол трубка*)

ПРОБИ́РОВАНИЕ *с* (*по гл.* **проби́ровать**) 1) мугьру кьаби; 2) къиматал металлазул гьарурал тIагIелазда гьорлъ меседил (гIарцул) къадар чIезаби

ПРОБИ́ РОВАТЬ *несов. что* 1) (*определять количество металла*) магIданалда, тIагIелалда гьорлъ металлалъул къадар лъазабизе 2) (*ставить пробу*) хъахIмеседил (меседил, гIарцул) гьабураб къайиялда мугьру (проба) чIвазе

ПРОБИ́ТЬ *сов.* 1) *что* борлъизе, каратI бахъизе; **~ сте́ну** къед борлъизе (къадалъ каратI бахъизе) 2) *что разг. (проложить)* лъезе, бахъизе; **~ доро́гу** нух бахъизе 3) (*ударом, броском направить*) кьабун балагьизабизе (*цо рахъалде*) 4) *во что (произвести звук*) (*гьаракь бахъинабизе)* кьабизе; **~ в ко́локол** цIумуралда кьабизе 5) (*издать звуки*) гьаркьал рахъинаризе 6) *безл. кому разг. уст. (исполниться – о летах)* тIубазе ◊ **~ себе́ доро́гу** жиндиего нух бахъизе, цеве тIезе, борхалъуде вахине

ПРОБИ́ //ТЬСЯ *сов.* 1) (*проложить себе путь)* жиндиего нух бахъизе (*хIалица)*; **~ться сквозь толпу́** руккалида гьоркьосан нух бахъизе 2) (*выступать наружу*) кIватIибе баккизе, кIанцIизе; **~лась трава́** гIурччинхер кIватIибе баккана 3) *разг. (потратить много усилий*) гIемер къуват, хIал кьезе 4) *разг. (прожить с трудом)* (къо) хIехьезе; **~ться до весны́** ихдаллъагIан хIехьезе ◊ **~ться в лю́ ди** гIадамалъе рахъине

ПРО́БК//А *ж* 1) *что* сакI; кIалухъчIва, кIалухъжо; **стекля́ нная ~а** цIорол кIалухъжо 2) (*затор*) тIатIалакъай; **на перекрёстке образова́лась ~а** нухал къотIулеб бакIалда тIатIалакъай лъугьана 3) *эл.* пробка ◊ **глуп как ~а** тIубарав гIабдал вуго (цIакъго камурав вуго)

ПРО́БКОВ//ЫЙ, -ая, -ое сакIил (сакIалъул); **~ая кора́** сакIил макъар (хъал); **~ая подо́шва** сакIил тIикъва

ПРОБЛЕ́МА *ж* проблема (рагьизе кколеб теориялъулаб яги практикияб суал)

ПРОБЛЕМА́ТИКА *ж* проблематика (цойиде кIутIарал, данде гьарурал проблемаби)

ПРОБЛЕМАТИ́ ЧЕСКИЙ, -ая, -ое, **проблемати́чный,** -ая, -ое 1) (*предположительный*) жеги чIезабичIеб, проблемалъун хутIараб, гьедин батилилан тараб 2) (*маловероятный*) божизе кIолареб, шакаб

ПРОБЛЕ́МН//ЫЙ, -ая, -ое проблемаялъул, проблемияб; жинда жаниб проблема бугеб; **~ая статья́** проблема бугеб статья (проблема цебе лъураб статья)

ПРО́БЛЕСК *м* 1) (*блеск, свет*) канлъи, кунчIи (*цо лахIзаталъ букIунеб*) 2) *перен. (слабое проявление чего-л.)* загIипабго бакки, загьирлъи; **~и ра́дости** дагьа-макъалго рохалил гIаламатал загьирлъи

ПРОБЛУЖДА́ТЬ *сов.* нух къосине, сверулев хутIизе; **~ це́лую ночь** тIубараб сордоялъ нух къосун хутIизе

ПРО́БН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*сделанный, взятый для пробы*) хIалбихьиялъе гьабураб; **~ый уро́к** хIалбихьиялъе кьолеб дарс; **~ый това́р** хIалбихьиялъе гьабураб къайи 2) (*имеющий пробу*) мугьру чIвараб (проба бугеб); **~ое зо́лото** мугьру чIвараб месед ◊ **~ый ка́мень** *щибниги* инсан лъазе кумек гьабулеб иш (лъугьа-бахъин, ахIвал-хIал)

ПРО́БОВАТЬ *несов.* 1) *кого-что (проверять, испытывать)* хIал бихьизе; **~ свои́ си́ лы** жиндирго къуваталъул (бажариялъул) хIал бихьизе; **~ на о́щупь** квер квашун, хIал бихьизе 2) *что (отведывать)* тIагIам (тату) кинаб бугебали бихьизе; **~ я́блоко** гIечул тIагIам (кинаб бугебали) бихьизе 3) *с неопр. (попытаться сделать) щибниги* гьабизе лъугьине (хIал бихьизе)

ПРОБОДЕ́НИЕ *с мед.* жагъаллъи; багьи; ~ **кишóк** бакьал жагъаллъи; рагьи; ~ **барабáнной перепóнки** гIинзул пардав багьи

ПРОБО́ИНА *ж тункун, речIчIун лъугьараб* каратI; багьараб бакI

ПРОБО́ЙНИК *м* борлъаро; лълъини

ПРОБОЛЕ́ТЬ[1] *сов.* унтун вукIине; ~ **три дня** лъабго къоялъ унтун вукIине

ПРОБОЛЕ́//ТЬ[2] *сов. разг.* унтизе; **зуб ~л всю ночь** тIубараб сордоялъ гIус унтана (цIунана)

ПРОБОЛТА́ТЬ *сов. разг.* 1) (*провести время в болтовне*) чIана-хабар бицунаго, заман инабизе (гIадада гаргадизе) 2) *что и без доп. (выболтать)* къватIиб бицине, (*балъгояб жо*) бицун биччазе

ПРОБОЛТА́ТЬСЯ[1] *сов. разг.* гIадада тира-сверулев вукIине; ~ **на у́лице до ве́чера** къасилъагIан къотIнов гIадада тира-сверулев вукIине

ПРОБОЛТА́ТЬСЯ[2] *сов. разг. (проговориться)* балъгояб жо бицун борчIизе

ПРОБО́Р *м* рикьи́ ; **сде́лать** ~ рикьи́ гьабизе (*ботIрода расул)*

ПРОБОРМОТА́ТЬ *сов. что и без доп.* гьаругьинан, бичIчIулареб куцалъ кIалъазе; нунудизе

ПРО́БОЧНЫЙ, -ая, -ое сакIалъул гьабураб; ~ **завóд** сакIалъул къайи гьабулеб завод

ПРОБРА́//ТЬ *сов.* 1) *кого-что разг. (пронять)* кIудияб асар гьабизе, гъорлъе ккезе; щвезе; **~л моро́з** квач гъорлъе ккана 2) *кого-что разг. перен. (выбранить)* кьварун лъазабизе, выговор кьезе 3) *что с.х. (прополоть)* чIаразе

ПРОБРА́ТЬСЯ *сов.* 1) (*пройти с трудом*) хIалица нух бахъизе; ~ **сквозь толпу́** руккалида гьоркьосан хIалица нух бахъизе 2) (*пройти тайком*) балъго ине, балъго ворчIизе

ПРОБРЕ́ДИТЬ *сов.* риччалъе ккезе, риччалъ вукIине; ~ **всю ночь** тIубараб сордоялъ риччалъ вукIине

ПРОБРИВА́ТЬ *несов. см.* **пробри́ ть**

ПРОБРИ́ ТЬ *сов. что* кIкIвазе; кIкIван лъугIизабизе (*кигIаналиго заманалде*)

ПРОБРОДИ́ТЬ *сов. кигIаналиго заманалъ* тира-сверизе, хьвадизе; ~ **ци́лый день по гора́м** тIубараб къоялъ мугIрузда тира-сверизе

ПРОБРОСА́ТЬСЯ *сов. кем-чем разг.* иргадал кинабго рехизе (речIчIизе); цоцазде рехтIезе (*кигIаналиго заманалъ)*

ПРОБУДИ́ ТЬ *сов.* 1) *кого (разбудить)* ворчIизавизе (*макьидаса*), вигьинавизе 2) *перен. (возбудить)* багъаризабизе, бижизабизе, кутаклъизабизе, асар гьабизе, цIин багъаризабизе; ~ **любóвь** рокьи бижизабизе

ПРОБУДИ́ ТЬСЯ *сов.* 1) (*проснуться*) (макьидаса) ворчIизе, вигьине 2) *перен. (возникнуть)* бижизе, лъугьине, загьирлъизе; **у негó ~лась любóвь к кни́гам** гьесулъ(-л) тIахьазде рокьи загьирлъана

ПРОБУЖДА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **пробуди́ ть(ся)**

ПРОБУЖДЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **пробуди́ ть**) ворчIизави, вигьинави **2.** (*по гл.* **пробуди́ ться**) ворчIи, вигьин; багъа-бачари; хIаракат бугевлъун лъугьин

ПРОБУРА́ВИТЬ *сов. что* буравалъ, рочохиналъ борлъизе

ПРОБУРА́ВЛИВАТЬ *несов. см.* **пробура́вить**

ПРОБУРИ́ТЬ *сов. что борлъарулеб алаталъ ракьулъ, ганчIилъ* каратI бахъизе

ПРОБУРЧА́ТЬ *сов. разг. что и без доп.* гъулгъудизе, бурбудизе

ПРОБЫ́ТЬ *сов. кивниги* вукIине (*кигIаналиго мехалъ*); ~ **ме́сяц в го́роде** моцIица шагъаралда вукIине

ПРОВА́Л *м* **1.** (*по гл.* **провали́ ться**) тIун араб бакI; тIун ин **2**. (*углубление в почве*) ракьулъ бугеб гъварилъи **3**. *перен. (неудача)* битIккечIолъи, битIккунгутIи; **потерпе́ть** ~ битIккунгутIи хIехьезе **4**. (*разоблачение*) къватIир чIвазари ◊ ~ **па́мяти** ракI гIантлъи

ПРОВА́ЛИВА//ТЬ *несов.* 1) *см.* **провали́ ть**; 2) *повел.:* **~й!** тIагIа цевеса! бухъизабе!

ПРОВА́ЛИВАТЬСЯ *несов. см.* **провали́ ться**

ПРОВАЛИ́ТЬ *сов.* 1) *что (обрушить)* биххизабизе, тIатIала ккезабизе 2) *перен. разг. (привести к провалу)* хвезабизе 3) *кого-что перен. (раскрыть)* рагьизе, тIатинабизе 4) *кого-что перен. разг.* вищичIого тезе; ~ **кандида́та** кандидат вищичIого тезе; квешаб къимат лъезе; ~ **на экза́мене** экзаменалда квешаб къимат (кIийилаб) лъезе

ПРОВАЛИ́//ТЬСЯ *сов.* 1) (*упасть*) вортизе; **~ться в я́му** гвандиниве вортизе 2) (*обрушиться*) тIун ине; **мост ~лся** кьо тIун ана 3) (*стать впалым*) борт-бортун ине 4) *перен. разг. (потерпеть неудачу)* битI ккечIого букIине 5) *перен. прост. (пропасть)* тIагIине, билизе ◊ **гото́в сквозь зе́млю ~ться** ракьулъе тIун ине хIадурав вуго

ПРОВАЛЯ́ ТЬСЯ *сов. разг.* 1) (*в течение какого-л. времени*) гIебеде чIван вукIине; ~ **це́лый час в посте́ли** тIубараб сагIаталъ бусалъ гIебеде чIван вукIине 2) (*пролежать без употребления*) бегун хутIизе (*кIвар кьечIого, хIалтIизабичIого*)

ПРОВА́НСК//ИЙ, -ая, -ое Провансалъул; **~ое ма́сло** Провансалъул (Провансалда гьабураб) нах, зайтуналъул нах

ПРОВА́РИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **провари́ ть(ся)**

ПРОВАРИ́ ТЬ *сов. что* 1) (*довести до готовности*) белъинабизе 2) *тех.* регъезе, рацIцIи биараб металлалъул цIезабизе

ПРОВАРИ́ //ТЬСЯ *сов.* 1) (*свариться*) гIолеб куцалъ белъине, белъуд хьезе 2) (*в течение какого-л. времени*) *кигIаналиго мехалъ* белъине (гьалдезе); **суп ~лся два часа́** чурпа кIиго сагIаталъ гьалдана

ПРОВЕВА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **прове́ять(ся)**

ПРОВЕ́ДАТЬ *сов. разг.* 1) *кого-что (навестить)* ваккарагIизе, щвезе 2) *что, о ком-чём (узнать)* лъазе, лъазабизе

ПРОВЕДЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **провести́**) бачин, гьаби, гIумруялде бахъинаби

ПРОВЕ́ДЫВАТЬ *несов. см.* **прове́дать**

ПРОВЕЗТИ́ *сов. кого-что* 1) рекIун вачине (*цощинаб бакIалдасан*); ~ **по́лем** авлахъалдасан (авлахъ чIван) рекIинавун вачине; тIад лъун босизе 2) (*перевезти с собой*) цадахъ вачине; цадахъ босизе; ~ **ребёнка по своему́ биле́ту** жиндирго билеталда рекъон лъимер цадахъ бачине

ПРОВЕ́ИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **прове́ять(ся)**

ПРОВЕНТИЛИ́РОВАТЬ *сов. что* вентиляция гьабизе, рокъоб гьава хисизабизе

ПРОВЕ́РЕННЫЙ, -ая, -ое хIал бихьарав; жинда божизе бегьулев ; ~ **челове́к** хIал бихьун лъалев чи

ПРОВЕ́РИТЬ *сов. кого-что* 1) (*просмотреть, обследовать*) хал гьабизе, цIех-рех гьабизе 2) (*испытать*) хIал бихьизе

ПРОВЕ́РКА *ж* (*по гл.* **прове́рить**) хал гьаби, хIал бихьи; ~ **докуме́нтов** документазул хал гьаби; ~ **зна́ний** лъаялъул хал гьаби

ПРОВЕРНУ́ ТЬ *сов. что* 1) *разг. (просверлить)* борлъизе; каратI бахъизе 2) (*заставить вращаться)* сверизабизе 3) (*измельчать мясорубкой*) гIисин гьабизе, буссизе 4) *перен. прост. (осуществить*) тIубазабизе, рагIалде бахъинабизе

ПРОВЕ́РОЧНЫЙ, -ая, -ое халгьабиялъул(аб); ~ **дикта́нт** халгьабиялъул диктант

ПРОВЕРТЕ́ТЬ *сов. что разг.* килищ, рочохин *ва гь. ц.* тиризабун, *сунданиги* каратI бахъизе

ПРОВЁРТЫВАТЬ *несов. см.* **проверну́ть, провертéть**

ПРОВЕРЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **прове́рить(ся)**

ПРОВЕ́С *м* **1.** цIавулъ ками **2**. да́ли; ~ **про́водов** кварал гIодоре дали

ПРОВЕ́ТРИВАНИЕ *с* (*по гл.* **прове́тривать**) гьури чIвазаби; цIияб гьава биччай

ПРОВЕ́ТРИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **прове́трить(ся)**

ПРОВЕ́ТРИТЬ *сов. что* цIияб гьава биччазе

ПРОВЕ́ТРИ//ТЬСЯ *сов.* 1) гьава бацIцIалъизе; цIияб гьава (гьури) базе; **помеще́ние хорошо́ прове́трилось** рокъоб гьава лъикI бацIцIалъун буго 2) (*освежиться*) бацIцIадаб гьаваялда вукIине

ПРОВЕ́ЯТЬ *сов. что* дагъаб мехалъ загIипго пузе (гьури); гьородахъ биччан бацIцIад гьабизе; чIвантIизе

ПРОВЕ́ЯТЬСЯ *сов.* гьородахъ биччан, чIвантIун бацIцIалъизе

ПРОВИ́ ДЕНИЕ *с* пикру гьабун букIинесеб цебе чIезаби; букIинесеб цебеккунго лъай

ПРОВИДЕ́НИЕ *с рел.* гIадамазул къисматги тIолабго дунялги лъикIалде (лъикIлъиялде) бачунеб тIадегIанаб Аллагьасулаб къуват (хIалкIолъи)

ПРОВИ́ ДЕТЬ *несов. что (предвидеть)* букIинесеб цебеккунго жиндаго цебе чIезабизе

ПРОВИ́ДЕЦ *м уст.* букIинесеб цебе чIезабизе кIолев чи (балъго лъалев чи)

ПРОВИ́ ДИЦА *ж уст.* букIинесеб цебе чIезабизе кIолей чIужугIадан (балъго лъалей гIадан)

ПРОВИ́ ЗИЯ *ж* квана-гьекъолеб жо, кванил нигIматал

ПРОВИ́ЗОР *м* тIадегIанаб махщалил аптекалъул хIалтIухъан

ПРОВИНИ́ТЬСЯ *сов.* гIайиб ккезе, такъсир ккезе; **~ пе́ред отцо́м** инсуда цебе гIайиб ккезе

ПРОВИ́ ННОСТЬ *ж разг. (вина, проступок*) мунагъ, гIайиб, гIайибияв вукIин, такъсир

ПРОВИНЦИА́Л *м уст.* провинциялдаса чи, тахшагьаралдаса рикIкIад гIумру гьабулев чи

ПРОВИНЦИА́ЛКА *ж* провинциялдаса чIужугIадан, тахшагьаралдаса рикIкIад гIумру гьабулей чIужугIадан

ПРОВИНЦИА́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое провинциялъул(аб)

ПРОВИ́НЦИЯ *ж* провинция (1 *ист. 18 векалда Россиялда букIараб административияб бутIа (губерниялъул бутIа)* 2 *уст. тахшагьаралдаса яги кIудияб культурияб централдаса рикIкIад бугеб бак1)*

ПРОВИСА́НИЕ *с* гIодоре дали, цIан рачIин, чехь рехи; **~ проводо́в** кварал *(телалъул)* гIодоре дали

ПРОВИСА́ТЬ *несов. см.* **прови́ снуть**

ПРОВИ́СНУТЬ *соа.* дализе (*бакIлъиялъ),* бакъулъа дализе, чIехь рехизе; **потолО́К прови́с** мокърукьбакIалъ чехь рехун буго (мокърукьбакIалъ чехь рехун буго)

ПРО́ВОД *м* маххул квар, телалъул квар, токалъул квар

ПРОВО́Д *м* (*по гл.* **провести́**) бачин; **~ судо́в че́рез льды** гумул цIоролъан рачин

ПРОВОДИ́ МОСТЬ *ж физ.* гьорлъан биччай (*ток, хинлъи́*); **~ мета́ллов** металлазул гьорлъан (*ток, хинлъи*) биччалеб хасият

ПРОВОДИ́ ТЬ[1] *несов.* 1) *см.* **провести́ ;** 2) *что физ.* гьорлъан биччазе; **мета́лл хорошо́ прово́дит электри́чество** металлалъ электричество (ток) гьорлъан лъикI биччала

ПРОВОДИ́ТЬ[2] *сов. кого-что* 1) (*сопроводить*) нуха регIизе; **~ до воро́т** кавудухъе щвезегIан нуха регIизе 2) (*отправить куда-л.*) витIизе, тIовитIизе; **~ сы́ на в а́рмию** вас армиялде витIизе 3) (*выразить свое отношение*): **~ слеза́ми** гIодулаго тIовитIизе; **~ аплодисме́нтами** хъатги чIван тIовитIизе ◊ **~ глаза́ми** хадуб хал кквезе (*унесда*)

ПРОВО́ДКА *ж* **1.** (*по гл.* **провести́**) бачин, цIай **2**. (*сеть проводов*) цIарал телалъул, токалъул кварал; **электри́ ческая** ~ цIарал токалъул кварал **3**. (*вождение лошадей*) чуял хьвадизари (*рекерун хадур*)

ПРОВОДНИ́К[1] *м* 1) *физ.* проводник (гьорлъан ток, хинлъи биччалел жал) 2) *перен.* тIибитIизабулев чи; **~ культу́ры** культура тIибитIизабулев чи

ПРОВОДНИ́ К[2] *м* 1) (*провожатый*) нух бачунев чи 2) *ж.-д.* проводник, кондуктор

ПРОВОДНИ́ ЦА *ж ж.-д.* проводница, кондуктор

ПРО́ВОДЫ *мн.* нухарегIи, тIовитIи; къо-мех лъикI гьаби

ПРОВОЖА́Т//ЫЙ *м* нух бихьизабизе, цIунизе цадахъ унев чи; **дать ~ого** *кому-л. лъиениги* нух бихьизабизе чи кьезе

ПРОВОЖА́ТЬ *несов. см.* **проводи́ ть**[2]

ПРОВО́З *м* (*по гл.* **провезти́**) (*сунданиги лъун*) *кибениги* баччи, боси; **пла́та за ~** баччаралъулъ (босаралъухъ) (кьолеб) мухь

ПРОВОЗГЛАСИ́ ТЬ *сов.* 1) *что (объявить)* халкъалда цебесан лъазабизе, тIибитIизабизе; **~ респу́блику** рохалилаб, хIурматияб куцалъ республика(-лъун) лъазабизе; **~ тост** лълъар борхулаго абизе... 2) *кого чем щивниги* кIодо гьавизе; *щивниги щив-лъунниги* лъазавизе (кIодо гьавизе)

ПРОВОЗГЛАША́ТЬ *несов. см.* **провозгласи́ ть**

ПРОВОЗГЛАШЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **провозгласи́ть**) халкъалда цебесан лъазаби (тIибитIизаби)

ПРОВОЗИ́ ТЬ *несов. см.* **провезти́**

ПРОВОКА́ТОР *м* 1) (*тайный агент*) балъгояв агент (жасус); квешал харбал риччалев чи 2) (*подстрекатель)* питначи, питна багъаризабулев чи, цогидал гьусулев чи

ПРОВОКА́ТОРСКИЙ, -ая, -ое жасусасул, питна багъаризабулев чиясул

ПРОВОКА́ЦИЯ *ж* провокация, квешлъи гьабизе гьуси; питнаялде гьуси

ПРО́ВОЛОКА *ж* маххул квар, телалъур квар

ПРОВОЛО́Ч//КА *ж разг.* квалквал, квекIен; иш хадуб бехъерхъизаби; **без ~ек** квалквал гьечIого

ПРО́ВОЛОЧН//ЫЙ, -ая, -ое маххул (телалъул) кварил; **~ое заражде́ние** маххул кварил щулалъи (сверун къараб бакI)

ПРОВОНЯ́ТЬ *сов. прост.* махI бахъине, махIалъул цIезе, махIта босизе, махIтIачине

ПРОВО́РНЫЙ, -ая, -ое 1) (*торопливый*) хехав, жигар бугев 2) (*ловкий*) лебалав, тирияв; **~ па́рень** лебалав гIолилав

ПРОВОРОВА́ТЬСЯ *сов. разг.* гIемер цIогьодулаго тIадго кквезе

ПРОВОРО́НИТЬ *сов. кого-что прост.* тохлъиялъ бихьичIого (лъачIого) хутIизе

ПРОВО́РСТВО *с* хехлъи, лебаллъи, тулаклъи, жигар букIин

ПРОВОРЧА́ТЬ *сов. что* бурбудулаго, гъулгъудулаго кIалъазе

ПРОВЯ́ ЛИТЬ *сов. что* бучIизабизе (дагьабго бакъвазабизе); **~ ры́ бу** ччугIа бучIизабизе

ПРОВЯ́ЛИ//ТЬСЯ *сов.* бучIизе (дагьабго бакъвазе); **во́бла ~лась** вобла ччугIа бучIана

ПРОГАДА́//ТЬ *сов. разг.* мекъса ккезе, гъалатI ккезе, къосине; **он ~л, что не пое́хал с на́ми** нижеда цадахъ вилъльинчIолъи гьесие мекъса ккана

ПРОГА́ДЫВАТЬ *несов. см.* **прогада́ть**

ПРОГА́ЛИНА *ж разг.* 1) (*поляна*) рохьил рацIцIалъи, тала 2) (*промежуток между чем-л.)* гьоркьобакI (*сунданиги*)

ПРОГАРЦЕВА́ТЬ *сов.* чода рекIун унаго, лебаллъи бихьизабизе; чу басандизабизе

ПРОГИ́Б *м* **1.** (*по гл.* **прогну́ть**) гьéтIи, кIи́ чIи **2**. (*прогнувшееся место*) гьетIараб, кIичIараб бакI; гьетIи́ , кIичIи́

ПРОГИБА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **прогну́ть(ся)**

ПРОГЛА́ДИТЬ *сов. что* 1) битIизабизе, иту чIвазе (бахъизе); **~ руба́шку** гурдида иту чIвазе 2) (*в течение какого-л. времени*) *кигIаналиго заманалъ* иту бахъизе; **~ весь ве́чер** тIубараб сордоялъ иту бахъизе

ПРОГЛА́ДИТЬСЯ *сов.* битIун ине; иту чIвалаго, битIун ине, битIизе

ПРОГЛОТИ́ ТЬ *сов.* 1) *кого-что* къулчIизе, къулчIун биччан тезе; **~ пи́щу** квен (богIоллъи) къулчIизе; **~ лека́рство** дару къулчIизе 2) *что перен. разг. (молча стерпеть)* къулчIизе, хIехьезе; **~ оби́ду** къварид гьави, ракIхвей къулчIизе, хIехьезе 3) *что перен. разг. (быстро прочитать)* хехго цIалун бахъинабизе ◊ **~ язы́к** вуцIцIун чIезе, мацI къотIарав гIадин чIезе, абизе жо лъаларого хутIизе

ПРОГЛЯДЕ́ТЬ *сов. разг.* 1) *что (бегло ознакомиться)* тIасамасаго лъай-хъвай гьабизе; **~ газе́ты** газетал тIаса-масаго цIализе (бер речIчIизабизе) 2) *сундулниги хал гьабулаго*, заман инабизе 3) *кIвар гьечIолъиялъ* бихьичIого хутIизе; **~ оши́бку** гъалатI бихьичIого хутIизе ◊ **~ глаза́** берал хвезаризе *(гIемер цIалдеялъ)*

ПРОГЛЯ́ ДЫВАТЬ *несов.* 1) *см.* **проглядéть** 1; 2) *см.* **проглянýть**

ПРОГЛЯНУ́ //ТЬ *сов.* 1) бералги рагьун хал гьабизе 2 заманалъ бихьизе; **луна́ ~ла** моцI (заманалъ) бихьана

ПРОГНА́//ТЬ *сов. кого-что* 1) (*заставить уйти)* нахъе инавизе; **~ть из до́ма** рокъоса къватIиве гьезе 2) (*заставить двигаться)* цере къотIун, рачине; **по доро́ге ~ли лошаде́й** чуял нухдасан, цере къотIун, рачана ◊ **~ть сквозь строй** мунагъ ккарав, солдатазул кIиго кьералда гьоркьосанги виччан, тIилаз вухулеб гIадат

ПРОГНЕ́ВАТЬ *сов. кого-что уст.* щцин бахъинабизе

ПРОГНЕ́ВАТЬСЯ *сов. уст.* щцин бахъине

ПРОГНИВА́ТЬ *несов. см.* **прогни́ ть**

ПРОГНИ́ //ТЬ *сов.* тIубанго, кисанго туризе; **до́ски ~ли** хъарщал тIубанго турун руго

ПРОГНО́З *м сундулниги ин* цебеккунго бицин; **~ пого́ды** гьава-бакъ (*кинаб букIине бугебали)* цебеккунго бицин

ПРОГНОЗИ́ РОВАТЬ *сов. и несов.* цебеккунго бицине

ПРОГНУ́ ТЬ *сов. что* (бакIлъиялъ, тIадецуялъ) гьетIизабизе; **кни́ги прогну́ли по́лку** тIахьаз полка (хъарщи) гьетIизабун бу-кIана (буго)

ПРОГНУ́ТЬСЯ *сов.* гьетIун ине; къулизе

ПРОГОВА́РИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **проговори́ ть(ся)**

ПРОГОВОРИ́ ТЬ *сов.* 1) что (*произнести*) абизе 2) (*в течение какого-л. времени*) *кигIаналигo* заман гара-чIварулаго инабизе; **~ весь ве́чер** тIолабго сордо гара-чIварулаго инабизе

ПРОГОВОРИ́ ТЬСЯ *сов.* абизе кколареб жо абун борчIизе

ПРОГОЛОДА́ТЬ *сов.* (*не есть в течение какого-л. времени*) (*кигIаналиго заманалъ*) кваначIого (вакъун) вукIине

ПРОГОЛОДА́//ТЬСЯ *сов.* вакъизе; вакъи лъазе; кваназе бокьизе

ПРОГОЛОСОВА́ТЬ *сов.* гьаркьие лъезе, гьаракь кьезе

ПРОГО́Н[1] *м* (*по гл.* **прогна́ть**) нахъегъей, рачахъи

ПРОГО́Н[2] *м архит.* аслияб чIалу (*рахал тIаде разарулеб чIалу)*, гIебсачIалу

ПРОГОНЯ́ ТЬ[1] *несов. см.* **прогна́ть**

ПРОГОНЯ́ТЬ[2] *сов. кого-что (гонять в течение какого-л. времени*) лъалхъизе течIого, бачине; хъамизе; **~ це́лый день маши́ ну** машина, лъалхъизе течIого (чIезе течIого), тIубараб къоялъ бачине

ПРОГОРА́ТЬ *несов. см.* **прогоре́ть** 1, 2,4

ПРОГОРЕ́//ТЬ *сов.* 1) (*сгореть*) бухIизе (*цIа рекIун*), бухIун лъугIизе; **дрова́ в пе́чке ~ли** печалъуб цIул бухIун лъугIана (бухIун бахъана) 2) (*испортиться*) бухIун хвезе; **сковоро́дка ~ла** цIоп бухIун хвана 3) (*в течение какого-л. времени*) *кигIаналиго мехалъ* рекIине; **свеча́ ~ла неде́лго** хIедучирахъ дагьаб заманалъ рекIун букIана 4) *перен. разг. (потерпеть неудачу*) битI ккечIого букIине

ПРОГО́РКЛ//ЫЙ, -ая, -ое кьогIлъи рехараб, махI кIутIараб; **~ое ма́сло** кьогIлъи рехараб, махI кIутIараб нах

ПРОГО́РК//НУТЬ *сов.* кьогIлъи рехизе, кьогIлъиизе лъугьине; махI кIутIизе; **ма́сло ~ло** нахуде кьогIлъи рехун буго

ПРОГОСТИ́ ТЬ *сов.* гьоболлъухъ вукIине (*кигIаналиго заманалъ*); **~ два дня** кIиго къоялъ гьоболлъухъ вукIине

ПРОГРЕБА́ТЬ *несов. см.* **прогрести́**

ПРОГРЕ́В *м см.* **прогрева́ние**

ПРОГРЕВА́ЕМОСТЬ *ж* багIарулеб хасият; багIариялъул даража

ПРОГРЕВА́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **прогрева́ть**) багIаризаби **2**. (*по гл.* **прогрева́ться**) багIари

ПРОГРЕВА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **прогре́ть(ся)**

ПРОГРЕМЕ́//ТЬ *сов.* 1) гъугъадизе; **~л гром** зоб гъугъадана 2) *перен. (прославиться)* цIар ине, цIар тIибитIизе, цIар рагIизе

ПРОГРЕ́СС *м* цебетIей; **~ нау́ки** гIелмуялъул цебетIей; **идти́ по пути́ ~а** цебетIеялъул нухдасан ине

ПРОГРЕССИ́ВН//ЫЙ, -ая, -ое 1) дагь-дагьккун тIаде цIикIкIунеб, кIодолъулеб, кутаклъулеб 2) цебе тIолеб; цебетIеялъе кумек (квербакъи) гьабулеб

ПРОГРЕССИ́ Р//ОВАТЬ *несов.* 1) (*усиливаться*) кутаклъизе, гучлъизе, тIаде цIикIкIине, цебе тIезе; **боле́знь ~ует** унти тIаде цIикIкIунеб буго 2) (*совершенствоваться*) камиллъизе

ПРОГРЕ́ССИЯ *ж мат.* прогрессия; **арифмети́ческая** ~ арифметикаялъулаб прогрессия; **геометри́ческая** ~ геометрия-лъулаб прогрессия

ПРОГРЕСТИ́ *сов. что* бахъизе, нахъе хъвазе; **~ доро́жку в снегу́** (*болоца, бугьнаца*) гIазулъан нух бахъизе

ПРОГРЕ́ТЬ *сов. что* лъикIаб хIалалъ багIаризабизе (боркьизе); **~ мото́р** мотор лъикIаб хIалалъ багIаризабизе

ПРОГРЕ́//ТЬСЯ *сов.* лъикIаб хIалалъ (тIубанго) багIаризе; **мото́р ~лся** мотор лъикIаб хIалалъ багIарана

ПРОГРЫЗА́ТЬ *несов. см.* **прогры́ зть**

ПРОГРЫ́ ЗТЬ *сов. что* цабзаз букъун *сунданиги* картIал гьаризе (картIахинабизе), цабзаз къунцI-къунцIун базе

ПРОГУДЕ́//ТЬ *сов.* ахIдезе, гьаракь гьабизе (*гудокалъ*), гьаракь бахъине; **~л гудо́к** гудокалъ гьаракь гьабуна (гудокалъул гьаракь бахъана)

ПРОГУ́Л *м* прогул, къабулаб гIилла гьечIого хIалтIуде вачIунгутIи

ПРОГУ́ ЛИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **прогуля́ ть(ся)**

ПРОГУ́ ЛКА *ж* (*бацIцIадаб гьаваялда*) тира-свери; ракIчучиялъе къватIи-рокъове вахъин

ПРОГУ́ ЛЬЩИК *м* прогул гьабурав чи, прогулчи; гIилла гьечIого хIалтIуде вачIунарев чи

ПРОГУЛЯ́ТЬ *сов.* 1) тира-сверулаго заман инабизе; **~ весь день в лесу́** тIубараб къо рохьов тира-сверулаго инабизе 2) *что и без доп. разг. (пропустить что-л.*) тира-сверулаго *сундасаниги* махIрумлъизе; *щибниги* гьоркьоб ине; **~ уро́к** тира-сверулаго дарс гьоркьоб ине 3) *что и без доп. (не выйти на работу*) хIалтIуде инчIого чIезе; **~ три дня** лъабго къоялъ хIалтIуде инчIого чIезе (хIалтIуде вахъунгутIизе)

ПРОГУЛЯ́ ТЬСЯ *сов.* гIедегIичIого тира-сверизе, хьвадизе; **~ по са́ду** ахикь гIедегIичIого (гьаругьинан) хьвадизе

ПРОДАВА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **прода́ть(ся)**

ПРОДАВЕ́Ц *м* вичарухъан, тукенчи

ПРОДАВИ́ ТЬ *сов. что* цIакъ тIаде цун, гьетIизабизе, бекизе; **~ стул** бакI, тIаде цун, бекизе

ПРОДАВИ́ ТЬСЯ *сов. сундулниги бакIлъиялъ* гьетIун ине, бекун ине

ПРОДА́ВЛИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **продави́ ть(ся)**

ПРОДАВЩИ́ ЦА *ж* йичарухъан, тукенчIужу

ПРОДА́Ж//А *ж* **1.** (*по гл.* **прода́ть**) бичи **2**. (*торговля*) даран, бича-хиси; **вы́ пустить в ~у** дармие (бича-хисиялъе) биччазе

ПРОДА́ЖН//ЫЙ, -ая, -ое 1) бичулеб; **~ая цена́** бичулеб багьа 2) (*предназначенный для продажи)* бичизе бугеб, бичизе бихьизабураб; **~ый стол** бичизе бугеб стол 3) *перен.* (*подкупный*) яхI- намус гIарцухъ бичулев (*чи*)

ПРОДА́ЛБЛИВАТЬ *несов. см.* **продолби́ ть**

ПРОДА́ТЬ *сов. кого-что* 1) бичизе; **~ кни́ гу** тIехь бичизе 2) *перен. (предать)* жиндиего щолеб пайдаялъе гIоло цогиязе ламартлъи (рекIк1) гьабизе, хиянат гьабизе

ПРОДА́ТЬСЯ *сов.* хиянатлъизе; чияр рахъалде ине; живго вичизе; **~ врага́м** тушманасул рахъалде ине (*жиндиего пайдаялъе*)

ПРОДВИГА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **продви́ нуть(ся)**

ПРОДВИЖЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.***продви́ нуть**) цебе бачин; цебехун багъаризаби; цебетIезаби **2**. (*по гл.* **продви́нуться**) цебе ин; цебе туркIи; тIадегIанаб даражаялде вахин

ПРОДВИ́НУТЬ *сов.* 1) *кого-что (двинуть вперед)* цебехун багъаризабизе; цебегIан бачине; **~ стол к окну́** стол горда аскIобегIан бачине 2) *что (протащить между чем-л.)* гьоркьосан бехъерхъизе; **~ шкаф че́рез дверь** шкаф нуцIихъан бехъерхъизе 3) *кого-что (направить)* битIизе; **~ диви́зию к грани́це** дивизия гIорхъоде цIазе (битIизе, бачине) 4) *что перен. разг.* цебе туркIизабизе; **~ де́ло** иш цебе бачине, туркIизабизе 5) *кого (выдвинуть) (хъулухъалъ)* эхедегIан вахинавизе; **~ по слу́жбе** хъулухъалъ тIаде вахинавизе

ПРОДВИ́НУ//ТЬСЯ *сов.* 1) цебе ине, цебехун багъаризе; **полк ~лся вперёд** полк цебехун багъарана 2) *перен. (достигнуть успеха, выдвинуться)* цеве тIезе, эхедегIан вахине; **~ться по слу́жбе** хъулухъалда цеве тIезе, эхедегIан вахине 3) *перен. (приблизиться к завершению)* рагIалде щвезе, рагIалде бахъине; **де́ло ~лось** иш рагIалде щолеб буго

ПРОДЕВА́ТЬ *несов. см.* **проде́ть**

ПРОДЕКЛАМИ́РОВАТЬ *сов. что* декламация гьабизе, пасихIго (берцинго) цIализе

ПРОДЕ́ЛЫВАТЬ *несов. см.* **проде́лать**

ПРОДЕМОНСТРИ́РОВАТЬ *сов. кого-что кому* бихьизабизе; берда бихьизе цебе лъезе

ПРОДЁРГАТЬ *сов. что с.-х.* лъедер гьабизе, гьоркьоса бахъизе, чIаразе; **~ кукуру́зу** цIоросаролъ лъедер гьабизе

ПРОДЁРГИВАНИЕ *с* (*по гл.* **продёргать)** лъедер гьаби, гьоркьоса бахъун бай, чIарай

ПРОДЁРГИВАТЬ *несов. см.* **продёрнуть, продёргать**

ПРОДЕРЖ//А́ТЬ *сов. кого-что* 1) (*держать в течение какого-л. времени*) *кигIаналиго заманалъ* кквезе; **~а́ть ребёнка на**

рука́х весь день лъимер тIубараб къоялъ кодоб кквезе 2) (*послужить опорой чему-л.) сундуениги* мугъчIвайлъун букIине 3) (*не отпускать*) ккун чIезабизе; **я его́ недо́лго ~у** дица гьев дагьаб мехалъ ккун чIезавила (кквела); 4) (*заставить находиться в каком-л. положении*) *цо кинаб букIаниги хIалалда (бакIалда*) чIезабизе **~а́ть окно́ откры́тым це́лый день** тIубараб къоялъ горду рагьун чIезабизе

ПРОДЕРЖА́//ТЬСЯ *сов.* цо хIалалда чIезе (хутIизе, букIине) (*кигIаналиго заманалъ*); **бойцы́ ~лись до прихо́да подкрепле́ния** кумек тIаде щвезегIан рагъухъаби ккураб бакIалда рукIана

ПРОДЁРНУ//ТЬ *сов.* 1) *что (продеть)* ххезе 2) *кого-что перен. разг.* критика гьабизе, къватIив чIвазавизе *(газеталдасан, кIалъаялда); ~ть кого-л.* **в стенгазе́те** къадал газеталда(сан) *лъие бугониги* критика гьабизе (къватIив чIвазавизе)

ПРОДЕ́ТЬ *сов. что* ххезе, жанисан бахъизе; **~ ни́ тку в иго́л-ку** рукIкIада кун ххезе

ПРОДЕШЕВИ́ТЬ *сов. кого-что и без доп.* багьа букIине кколелдаса учузго чIезабизе; цIакъ учузго бичизе

ПРОДИКТОВА́ТЬ *сов. что* 1) абун (цIалун) хъвазабизе 2) *перен.* буюризе; жиндиего бокьухъе хIалтIизе тIамизе

ПРОДИРА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **продра́ть(ся)**

ПРОДЛЕВА́ТЬ *несов. см.* **продли́ ть**

ПРОДЛЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **продли́ть**) халат бахъинаби, халат гьаби; кьураб заманалда тIаде дагьабги заман жубай, заман цIикIкIинаби

ПРОДЛИ́ТЬ *сов. что* халат бахъинабизе, халат гьабизе *(тIаде дагьабги заманги жубан*); **~ о́тпуск** отпуск халат гьабизе; **~ удово́льствие** лазат халат бахъинабизе

ПРОДЛ//И́ТЬСЯ *сов.* халат бахъине, халалъизе; **холода́ ~я́тся до конца́ ме́сяца** квач моцIрол ахиралде щвезегIан халалъизе буго (халат бахъине буго)

ПРОДОВО́ЛЬСТВЕННЫЙ, -ая, -ое квана-гьекъолел жалазул; **~ магази́ н** квана-гьекъолел жалазул тукен

ПРОДОВО́ЛЬСТВИЕ *с* сурсат, квана-гьекъолеб жо, кваналеб жо

ПРОДОЛГОВА́Т//ЫЙ, -ая, -ое халаткkараб; **~ое лицо́** халаткkараб гьумер

ПРОДОЛБИ́ ТЬ *сов. что* гIанлъизе, гIанлъун борлъизе

ПРОДОЛЖА́ТЕЛЬ *м* жинда цеве вукIарасул иш бачунев чи

ПРОДОЛЖА́ТЕЛЬНИЦА *ж* жинда цее йикIаралъул иш бачуней гIадан

ПРОДОЛЖА́ТЬ *несов. что и с неопр.* иш чIезе течIого яги заманалдасан цебе бачине, гьабизе; **~ на́чатое де́ло** байбихьараб иш чIезе течIого цебе бачине

ПРОДОЛЖА́//ТЬСЯ *несов.* (*байбихьараб жо)* гьоркьоса къотIичIого цебе ине, гьоркьоса къотIичIого букIине, халат бахъине; **молча́ние ~лось недо́лго** руцIцIунчIей къокъабго заманалъ халат бахъана

ПРОДОЛЖЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **продо́лжить**) халат гьаби, кIодо гьаби **2**. (*по гл.* **продолжа́ться**) халат бакъин, цебе ин **3**. (*статьи и т.п.*) хадусеб бутIа, ахир; **~ на сле́дующей страни́це** ахир хадусеб гьумералда (буго)

ПРОДОЛЖИ́ТЕЛЬНОСТЬ *ж* халат бахъин, халалъи; **~ о́тпуска** отпускалъул халалъи

ПРОДОЛЖИ́ ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое халатаб, халат бахъараб, гIемераб мехалъ бугеб (букIунеб); **~ое вре́мя** халатаб (гIемераб) заман

ПРОДО́ЛЖИТЬ *сов.* 1) *см.* **продолжа́ть**; 2) *что (продлить)* халат гьабизе; **~ о́тпуск** отпуск халат гьабизе

ПРОДО́ЛЖИТЬСЯ *сов. см.* **продолжа́ться**

ПРОДО́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое гIебеде, халалъухъе бугеб; рагIал чIван гIебеде бугеб; **~ разре́з** халалъухъе бугеб къотIи́

ПРОДРА́ТЬ *сов.* 1. *что разг.* борлъун (бихъун) рехизе; картIахинегIан ретIине, гIемер ретIиналъ картIахине; **~ рукава́ на локтя́х** кьвалал гIункIрукьаздаса рагьизе (рихъизе); 2. кьварун лъазабизе, критика гьабизе; ~ ◊ **~ глаза́** берал ричIизе, рагьизе; ворчIизе

ПРОДРА́ТЬСЯ *сов. разг.* 1) бихъизе, бихъун ине; **сапоги́ продрали́сь** чакмаби рихъун ана, рагьана 2) (*пробиться*) гьоркьосан хIалица нух бахъизе

ПРОДРО́ГНУТЬ *сов.* гъаргъар щвезе; квачан сородизе

ПРОДУВА́//ТЬ *несов.* 1) *см.* **проду́ть;** 2) *кого-что и без доп.* кинабго рахъалдасан гьури (гьогьен) речIчIизе; **ве́тер прия́тно ~ет** гьури лазаталда кинабго рахъалдасан пулеб буго (гьуриялъ лазаталда гьогьомизабулеб буго)

ПРОДУ^{0} КТ *м* 1) нигIмат, продукт; **сельскохозя́йственные ~ы** росдал магIишаталъул нигIматал, продуктаби 2) *мн.* **~ы** (*съестные припасы*) квана-гьекъолел жал, квана-гьекъолел жалазул нахърателал; **моло́чные ~ы** рахьдал гьарурал квана-гьекъолел жал (*нису, хIан, нах, тIорахь...*) 3) гIадамасул хIалтIул хIасилалда гьабураб, бижараб жо

ПРОДУКТИ́ВНО *нареч.* хIасил, пайда-хайир кьоледухъ

ПРОДУКТИ́ ВНОСТ//Ь *ж* пайда кьей, хайир буголъи; продукт кьезе кIвей; **~ь труда́** хIалтIул хайир буголъи (рахъи букIин); **повыше́ние ~и скота́** боцIуца кьолеб хайир (продукт) цIикIкIин

ПРОДУКТИ́ ВНЫЙ, -ая, -ое 1) пайдаяб, хайир бугеб, цIикIкIун продукт кьолеб; **~ скот** хайир цIикIкIун кьолеб гIибоцIи 2) *линг.* продуктивияб; **~ су́ффикс** продуктивияб (гIемерал рагIаби жиндир кумекалдалъун лъугьунеб) суффикс

ПРОДУКТО́ВЫЙ, -ая, -ое квана-гьекъолел жалазул; **~ магази́н** квана-гьекъолел жалазул (кванил нигIматазул) тукен

ПРОДУ́КЦИ//Я *ж* продукция (фабрик-заводалъ, предприятиялъ биччалеб къайи); **ва́ловая ~я** гIаммаб продукция; **повыше́ние ка́чества ~и** биччалеб къайиялъул (продукциялъул) качество борхизаби (лъикIлъизаби); гIакълияб хIалтIиялъул, литератураялъул, искусствоялъул (адабияталъул, маданиятал ъул) асарал

ПРОДУ́ МАННОСТЬ *ж сунданиги* тIад гIемер ургъи, пикру гьаби

ПРОДУ́ МАННЫЙ, -а, -ое гIемер тIад ургъараб, пикру гьабураб; **~ отве́т** гIемер тIад ургъараб жаваб

ПРОДУ́МАТЬ *сов. что* 1) (*обдумать*) (*сунданиги тIад*) ургъизе; **~ план рабо́ты** хIалтIул план ургъизе 2) (*думать в течение какого-л. времени*) *кигIаналиго заманалъ* ургъизе, ургъулев вукIине

ПРОДУ́ МЫВАТЬ *несов. см.* **проду́мать** I

ПРОДУ́ //ТЬ *сов.* 1) *что* (*дуя*) пун жаниса бацIцIине, пун бацIцIад гьабизе; **~ть тру́бку** трубка пун жаниса бацIцIад гьабизе 2) *безл. кого-что* гьури чIван квачазе, унтизе; **меня́ ~ло** дун гьури чIван унтун вуго

ПРОДУ́ ШИНА *ж* гьава хьвадулеб (пулеб) каратI

ПРОДЫМИ́ ТЬ *сов. что* кIкIуйтIачинабизе, кIкIуйдул цIезабизе

ПРОДЫМИ́ ТЬСЯ *сов.* кIкIуйтIачине, кIкIуйдул цIезе

ПРОДЫРЯ́ ВИТЬ *сов. что разг.* картIахинабизе, картIал гьаризе (рахъизе)

ПРОДЫРЯ́ ВИ//ТЬСЯ *сов. разг.* картIахине, картIал лъугьине; **брю́ ки ~лись** тIажу картIахун буго (багь-багьун буго)

ПРОДЫРЯ́ ВЛИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **продыря́ вить(ся)**

ПРОЕДА́ТЬ *несов. см.* **прое́сть**

ПРОЕ́ЗД *м* **1.** (*по гл.* **проезжа́ть**) *сунданиги* рекIун ин **2**. (*место*) *сунданиги* рекIун ине бегьулеб бакI; **у́зкий ~** кьваридаб. унеб бакI **3**. (*переулок*) кьваридаб нух (*кIиго гIатIидаб нух цолъизабулеб*)

ПРОЕ́ЗДИТЬ *сов.* 1) *что разг. (истратить на поездку)* сапаралъе (рекIун ине) харж гьабизе 2) (*в течение какого-л. времени*) *цо кигIаналиго заманалъ* рекIун ине (сапаралда вукIине) 3) *кого (лошадь)* рекIаде ругьун гьабизе, рекIун свердизабизе

ПРОЕЗДНО́Й, -а́я, -о́е: **~ биле́т** проездной (рекIун ине ихтияр кьолеб) билет

ПРОЕ́ЗДОМ *нареч.* рекIун аскIосан унаго, нухасан; нухда унаго; **я был там ~** нухда унаго, щвана дун дове

ПРОЕЗЖА́ТЬ *несов. см.* **прое́хать** 1)-4)

ПРОЕЗЖА́ТЬСЯ *несов. см.* **прое́хаться**

ПРОЕ́ЗЖ//ИЙ, -ая, -ее **1.** хьвадизе бегьулеб, машинаби хьвадулеб; **~ая доро́га** машинаби хьвадулеб нух; **~ая маши́на** аскIосан унеб машина **2**. *в знач. сущ.* **~ ий** *м* аскIосан унев нухлулав

ПРОЕ́КТ *м* 1) проект; **~ жило́го до́ма** жаниб гIумру гьабулеб минаялъул проект 2) *кинаб бугониги документалъул* цебеккун гIага-шагарго гIуцIараб текст; **~ догово́ра** къотIиялъул проект 3) (*замысел*) план; пикру

ПРОЕКТИ́ РОВАНИЕ *с* (*по гл.* **проекти́ ровать**[1]) проект гьаби, проект бахъи

ПРОЕКТИ́ РОВАТЬ[1] *несов.* 1) *что* проект бахъизе; **~ заво́д** завод базе проект бахъизе 2) *что и с неопр. (предполагать) щибниги* гьабизе ракIалде ккезе, хIисабалде босизе

ПРОЕКТИ́РОВАТЬ[2] *несов. что мат.* проекция гьабизе (бахъизе); фигураялъул куц бахъизе

ПРОЕКТИРО́ВЩИК *м* проектировщик, проектал рахъулев чи

ПРОЕКТИРО́ВЩИЦА *ж* проектировщица, проектал рахъулей гIадан

ПРОЕ́КТН//ЫЙ, -ая, -ое проекталъул(-аб), проекталда бихьизабураб (*данде кколеб*); **~ ая мо́щность заво́да** заводалъул проекталда бихьизабураб гуч

ПРОЕ́КТОР *м* проектор (*суратал, кIодо гьарун, экраналда речIчIизарулеб прибор)*

ПРОЁМ *м* нуцIа, горду лъезе къадалъ тараб бакI

ПРОЕ́//СТЬ *сов. что* 1) кванан хвезабизе; **ржа́вчина ~ла желе́зо** маххъ кьагIуялъ кванан буго 2) *разг. (истратить на еду)* квание хвезабизе, кванан лъугIизабизе, кванан бахъинабизе; **прое́сть все де́ньги** тIолабго (кинабго) гIарац кванан (кванихъ кьун) лъугIизабизе

ПРОЕ́ХА//ТЬ *сов.* 1) *что и без доп. (миновать)* нахъа тезе; **~ли дере́вню** росу нахъа тана (*рекIун унаго*); **~ть ми́мо до́ма** рукъалда аскIосан ине 2) *что (какое-л. расстояние*) *кигIаналиго манзилалъ* рекIун ине; **~ть три киломе́тра** лъабго километралъ рекIун ине 3) (*переместиться)* унаго батIияб бакIалде ккезе 4) *что (пропустить)* рекIун унаго, гьоркьоб тезе (гьоркьоб биччазе); **~ть останóвку** остановка (чIолеб бак1) гьоркьоб биччазе 5) (*пробыть в пути*) нухда рукIине; **~ть в по́езде це́лую неде́лю** тIубараб аньалъ поездалда нухда рукIине

ПРОЕ́ХАТЬСЯ *сов. разг. сунданиги* рекIун дагьаб мехалъ тира-сверизе; **~ на коне́** чодаги рекIун дагьаб мехалъ тира-сверизе ◊ **~ на** *чей-л.* **счёт, по** *чьему-л.* **а́дресу** (*лъидениги) лъилниги* цIаралда квешаб, хIакъир гьавулеб рагIи абизе, тIад велъизе, инжит гьавизе

ПРОЕЦИ́РОВАТЬ *сов. и несов. что* экраналда сурат речIчIизабизе

ПРОЖА́РИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **прожа́рить(ся)**

ПРОЖА́РИТЬ *сов. что* бежизе, бежизабизе; боркьизе, кутакалда багIаризабизе; **~ мя́ со** гьан бежизе

ПРОЖА́РИТЬСЯ *сов.* бежун лъугIизе, бежун бахъине

ПРОЖДА́//ТЬ *сов. кого-что, чего* (вачIиналъухъ) валагьун чIезе; **я ~л тебя́ це́лый день** дун мун вачIиналъухъ тIубараб къоялъ валагьун чIун вукIана; **зря ~ть** *кого-л.* гIадада *лъихъниги* валагьун чIезе

ПРОЖЕВА́ТЬ *сов. что* лъикIаб хIалалъ чIамизе, чIамун гIисин гьабизе

ПРОЖЁВЫВАТЬ *несов. см.* **прожева́ть**

ПРОЖЕКТЁР *м* кьучI гьечIел, рагIалде рахъунарел проектал гьарулев чи

ПРОЖЕ́КТОР *м* прожектор (*канлъи кутаклъизабулеб суркIаккараб матIу бугеб чирахъ*)

ПРОЖЕ́ЧЬ *сов. что* цIадуца бухIун *сунданиги* каратI бахъизе (лъугьинабизе); лъикI вагIаризавизе; кутакаб асар гьабизе; цIадуца бухIун бацIцIад гьабизе; **~ дымохо́д** кIкIуйдул тIала цIадуца бухIун (жаниб цIаги гъун) бацIцIад гьабизе; ~ *что-л.* **кислото́й** *сунданиги,* кислотаялъ бухIизабун картIал лъугьинаризе; кислотаялъ бухIизе

ПРОЖЖЁННЫЙ, -ая, -ое *разг.:* **~ плут** гIорхъолъа ворчIарав, нахъегIанав хIиллачи,макручи, нажас

ПРОЖИВА́НИ//Е *с* (*по гл.* **прожива́ть**) цо бакIалда гIумру гьаби; **ме́сто ~я** гIумру (бетIербахъи) гьабулеб бакI

ПРОЖИВА́ТЬ *несов.* 1) *см.* **прожи́ть 2**; 2) (*жить*) гIумру (бетIербахъи) гьабизе; **~ в це́нтре го́рода** шагьаралъул бакьулъ гIумру гьабизе

ПРОЖИГА́ТЕЛЬ *м:*◊ **~ жи́ зни** кеп-гIоркьалда гIумру гьабулев чи; пучаб гIумруялъул чи; жиндирго гIумру чекулев (чурхъулев) чи

ПРОЖИГА́ТЬ *несов. см.* **проже́чь** ◊ **~ жизнь** гIумру кепгIоркьалда бачине (тIамизе), гIумру чекизе (чурхъизе)

ПРОЖИ́ ЛКА *ж* рихь, хIучч, мухъ; ганчIида, цIулада, металлалда бугеб цоги батIияб жояльул тIеренаб чIоло, чIва; **кра́сная ~ в мра́море** мармаралда гьорлъ(ан) бугеб багIараб чIва

ПРОЖИ́ ТИЕ *с:* **де́ньги на ~** бетIербахъиялъе гIарац

ПРОЖИ́ ТОЧНЫЙ, -ая, -ое бетIербахъиялъе кьваригIунеб; **~ ми́нимум** бетIербахъиялъе кьваригIунеб бищунго гIодобегIанасеб къадар (*гIарцул*)

ПРОЖИ́ТЬ *сов.* 1) базе, гIумру гьабизе; чIаго дунялалда вукIине; **~ сто лет** нусго соналъ чIаго дунялалда вукIине 2) (*провести какое-л. время где-л.*) *кигIаналиго заманалъ кибниги* гIумру гьабизе; **~ неде́лю в селе́** анкьица росулъ гIумру гьабизе 3) *что разг. (истратить)* бетIербахъиялъе харж гьабун лъугIизабизе

ПРОЖО́РЛИВОСТЬ *ж* хъантIи́, гIорцIи́ лъангутIи

ПРОЖО́РЛИВЫЙ, -ая, -ое хъантIарав, гIорцIи лъаларев

ПРОЖУЖЖА́ТЬ *сов.* 1) (*пролететь, жужжа*) зузудулаго боржине 2) (*издать звук*) зузудизе ◊ **~ все у́ши** *кому-л.* цого жо бицун чIалгIинабизе

ПРО́ЗА *ж* 1) (*литературный жанр*) проза (*харбихъего хъвараб асар)* 2) *перен. (повседневность)* гIумруялда щибаб къоялъ букIунеб хIал, хьвада-чIвади, щибаб къойилаб гIумру

ПРОЗА́ИК *м* прозаик (*хабаралдалъун асарал хъвалев чи*), проза хъвалев хъвадарухъан

ПРОЗВА́НИЕ *с см.* **про́звище**

ПРОЗВА́ТЬ *сов. кого-что* тIокIцIар лъезе

ПРОЗВЕНЕ́//ТЬ *сов.* зингъи бахъине; **~л звоно́к** цIурмил зингъи бахъана

ПРО́ЗВИЩЕ *с* тIокIцIар

ПРОЗВОНИ́//ТЬ *сов.* 1) (*прозвучать*) гьаракь бахъине; **~л звоно́к** цIурмил гьаракь бахъана 2) *что (возвестить звоном о чём-л.)* цIумур кьабун лъазабизе; **~ть обе́д** цIумур кьабун къадеквание мех щун букIин лъазабизе 3) (*в течение какого-л. времени*) *кигIаналиго заманалъ* цIумур кьабизе 4) *перен.* кьватIул харбал тIиритIизаризе

ПРОЗВУЧА́//ТЬ *сов.* 1) *(раздаться)* гьаракь бахъине, сас рагIизе; **~л вы́стрел** кьвагьулеб гьаракь бахъана (кьвагьи бахъана) 2) (*послышаться*) рагIизе

ПРОЗЕВА́ТЬ *сов.* тохлъизе; бихьичIого, лъачIого борчIизе; **~ по́езд** тохлъун поезд борчIун ине, гьоркь хутIизе

ПРОЗИМОВА́ТЬ *сов.* кьин тIамизе (хасел рехизе)

ПРОЗОРЛИ́ВОСТЬ *ж* цебеккун лъай, нахъгIунтIи, хадувгъей, хехго бичIчIи

ПРОЗОРЛИ́ВЫЙ, -ая, -ое букIинесеб лъалев, нахъгIунтIулев, сундаго хадув гъурав, хехго жо бичIчIулев; **~ ум** бегIераб, сундаго нахъгIунтIулеб гIакълу

ПРОЗРА́ЧНОСТЬ *ж* гьорлъан канлъи бихьи, бацIцIалъи, гвангъи́

ПРОЗРА́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*просвечивающий*) гьорлъан канлъи бихьулеб; **~ое стекло́** гьорлъан канлъи бихьулеб цIер 2) (*чистый*) бацIцIадаб; **~ый во́здух** бацIцIадаб гьава; **~ая вода́** бацIцIадаб, тIокIкIараб лъим 3) *перен. (явный)* баянаб, якъинаб, хехго бичIчIулеб, гIадатаб, рагьараб

ПРОЗРЕВА́ТЬ *несов. см.* **прозре́ть**

ПРОЗРЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **прозре́ть**) канлъи бихьи; **~ слепо́го** бецасда канлъи бихьи 2) (*просветление мысли*) пикру роцIцIин; бичIчIи, гьварилъуде раккун бажари

ПРОЗРЕ́ТЬ *сов.* 1) (*стать зрячим*) канлъи бихьизе 2) *перен. (понять)* бичIчIизе

ПРОЗЫВА́ТЬ *несов. см.* **прозва́ть**

ПРОЗЯБА́НИЕ *с* магIна гьечIеб чIобогояб гIумру гьаби

ПРОЗЯБА́ТЬ *несов.* **1.** магIна гьечIеб чIобогояб гIумру гьабизе; **2**. (*расти, произрастать)* бижизе, баккизе

ПРОЗЯ́ БНУТЬ *сов. разг.* кутакалда квачазе, гIунизе; **он прозя́ б на моро́зе** гьев цIороялда чIеялъ гIунана (кутакалда квачана)

ПРОИГРА́ТЬ *сов.* 1) *что и без доп.* къезе 2) *что (лишиться)* махIрумлъизе; **~ пе́шку** пешкаялдаса махIрумлъизе 3) *что, в чём*

(упустить) борчIизе биччазе; ~ **врéмя** санагIатаб заман борчIизе биччазе 4) *что (испóлнить*) лъезе, биччазе; ~ **пласти́нку** пластинка (проигрывателалдасан) биччазе 5) (*в течение какого-л. времени*) *цо кигIаналиго заманалъ* хIазе; ~ **цéлую ночь в ша́хматы** тIубараб сордоялъ шахматал хIазе

ПРОИГРА́ТЬСЯ *сов.* хIалаго кинабго кодоса ине, къезе; ~ **в ка́рты** кагътаз хIалаго кинабго гIарац кодоса ине (кинабго гIарцудаса ватIалъизе)

ПРОИ́ГРЫВАТЕЛЬ *м* проигрыватель (*пластинкаби риччалеб аппарат*)

ПРОИ́ГРЫВАТЬ *несов. см.* **проигра́ть**

ПРО́ИГРЫШ *м* 1) (*поражение*) къей 2) (*проигранная сумма*) хIалаго араб гIарцул къадар

ПРОИЗВЕДЕ́НИЕ *с* 1) произведение, асар (*кечI, пьеса, хабар, роман...)*; ~ **иску́сства** искусствоялъул асар; **литерату́рное** ~ литературияб асар 2) *мат.* кьабиґялъул хIасил

ПРОИЗВЕСТИ́ *сов.* 1) *что* гьабизе; ~ **о́пыт** хIалбихьи гьабизе 2) (*изготовить*) гьабизе; ~ **това́ры** къайи гьабизе 3) *в кого* вахинавизе; ~ **в офице́ры** офицерлъиялде вахинавизе

ПРОИЗВОДИ́ТЕЛЬ *м* 1) *щибниги* гьабулев, хIадурулев чи; **ме́лкий** ~ гIиси-бикъинаб къайи-жо гьабулев чи 2) *с.-х.* наслу цIикIкIинабизе (кIанцIезе) тараб хIайван (*бугъа, барти, куй*) ◊ ~ **рабо́т** хIалтIуе бетIерлъи гьабулев чи, прораб

ПРОИЗВОДИ́ТЕЛЬНОСТЬ *ж* продукт (къайи) гьабизе (биччазе) гьунар букIин; (хIалтIул) рахъиґ; ~ **трудá** хIалтIул рахъи

ПРОИЗВОДИ́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое рахъиґ бугеб; **~ый труд** рахъиґ бугеб захIмат (хIалтIи)

ПРОИЗВОДИ́ ТЬ *несов.* 1) *см.* **произвести́ ;** 2) *что (изготовлять)* хIадур гьабизе; **завóд произвóдит станки́** заводалъ станокал гьарула

ПРОИЗВОДИ́ТЬСЯ 1) (*изготовляться*) гьаризе, хIадуризе 2) (*происходить)* лъугьине; гьабизе; **произвóдится посáдка на самолёт** самолётгалда (гIадамал) рекIинарулел руго

ПРОИЗВО́ДН//ЫЙ, -ая, -ое цогиялдасан лъугьараб; **~ое сло́во** цогиялдасан лъугьараб ргIи

ПРОИЗВО́ДСТВЕННИК *м* производственник (битIахъе) производствоялда хIалтIулев чи); **хоро́ший** ~ лъикIав производ-ственник

ПРОИЗВО́ДСТВЕННИЦА *ж* производственница (производствоялда хIалтIулей гIадан)

ПРОИЗВО́ДСТВЕНН//ЫЙ, -ая, -ое производствоялда бухьараб, производствоялъул(-аб); **~ые отноше́ния** производстоялъулал гьоркьорлъаби; ~ **план** хIалтIун къайи гьабиялъун план; **~ое совеща́ние** производствоялъулаб совещание

ПРОИЗВО́ДСТВ//О *с* **1.** (*по гл.* **произвести́**); гьаби; **~о о́пытов** хIалбихьиял гьари **2**. (*процесс*) производство; **ору́дия ~а** производствоялъул алатал 3. (*выработка)* гьаби; **~о бума́ги** катъат гьаби (биччай) 4) (*отрасль*) производство; сталелите́йное **~о** чаран биун тIолеб производство 5. (*предприятие*) производство, фабрика, завод; **рабо́тать на ~е** производствоялда хIалтIизе

ПРОИЗВО́Л *м* 1) (*своеволие*) жиндиего бокьа-бокьараб гьаби; хIал-зулму гьаби 2) (*необоснованность*) ракIалде кковухъе, кин батаниги гьаби ◊ **оста́вить (бро́сить, поки́нуть) на ~ судьбы́** бокьараб бахъаян живго тезе; тIалаб-агъаз гьабичIого рехун тезе

ПРОИЗВО́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*свободный*) эркенаб, рекIее бокьухъе гьабулеб 2) (*самовольный*) жиндиего бокьухъе, ракIалде кковухъе гьабулеб; **~ое распоряже́ние** жиндиего бокьухъе кьолеб буюрухъ, амру 3) (*лишённый доказательств*) кьучI гьечIеб, хIужжа гьечIеб; **~ый вы́вод** хIужжа гьечIеб хIасил

ПРОИЗНЕСТИ́ *сов. что* 1) (*выговорить*) абизе, бахъизе; **пра́вильно ~ сло́во** ргIи битIун абизе 2) (*сказать*): ~ **речь** кIалъай гьабизе

ПРОИЗНОСИ́ ТЬ *несов. см.* **произнести́**

ПРОИЗНОШЕ́НИЕ *с* каламалъул гьаркьал абулеб къагIида, гьаркьал рахъи; **пра́вильное** ~ ритIун гьаркьал рахъи ◊ ~ **языка́** мацIалъул гьаркьилаб система

ПРОИЗО//ЙТИ́ *сов.* 1) (*случиться*) ккезе; **что ~шло?** щиб ккараб? 2) *от кого-чего (появиться)* лъугьине; **от него́ ~шло большо́е пото́мство** гьесдасан лъугьана (байбихьана) кIудияб наслу 3) (*возникнуть как следствие чего-л.*) сабаблъун ккезе; **пожа́р ~шёл от неосторо́жности** тохлъи сабаблъун (цIодорлъи гьабичIолъиялъ) ккана цIа

ПРОИЗРАСТА́НИЕ *с* (*по гл.* **произраста́ть**) бижи, гIун бачIин

ПРОИЗРАСТА́//ТЬ *несов.* 1) *см.* **произрасти́ ;** 2) (*о растениях*) бижизе (*кибниги);* **кокóсовые па́льмы ~ют в жа́рких стра́нах** кокосалъул цIулакьодул гьутIби рухIарал улкабазда рижула

ПРОИЗРАСТИ́ *сов.* гIезе, бижизе; лъугьине; **из ростка́ произросло́ де́рево** тIирщалдасан гъветI бижана

ПРОИЛЛЮСТРИ́РОВАТЬ *сов. что* 1) (*снабдить рисунками*) иллюстрация гьабизе, суратал рахъизе; ~ **кни́гу** тIехьалъе суратал рахъизе 2) *перен. (пояснить наглядно*) якъинго, бихьулеб куцалъ бичIчIизабизе (баян гьабизе)

ПРОИНСТРУКТИ́РОВАТЬ *сов. кого* нухмалъи гьабизе, гьабизе кколеб жо бихьизабизе (малъизе)

ПРОИНТЕРВЬЮИ́РОВАТЬ *сов. кого* интервью босизе (кIалъа-бацай гьабизе)

ПРОИНФОРМИ́ РОВАТЬ *сов. кого-что* информация кьезе, лъазабизе

ПРОИСКА́ТЬ *сов. кого-что (в течение какого-л. времени)* балагъулев вукIине, балагъизе (*кигIаналиго заманалъ*)

ПРО́ИСКИ *мн.* макру; рекIкIаб иш; хIалихIатал мурадазде щвезелъун гьарулел балъгоял ишал; ~ **врагóв** тушбабаз хIалихьатаб мурадалде щвезелъун гьарулел балъгоял ишал

ПРОИСТЕКА́ТЬ *несов. см.* **происте́чь**

ПРОИСТЕ́ЧЬ *сов. из чего, от чего сунданиги жанисан, сундасанниги* чвахизе

ПРОИСХОДИ́ТЬ *несов.* 1) *см.* **произойти́** ; 2) (*из кого, от кого*) лъугьине (вижизе); ~ **из крестья́н** рекьарухъабаздасан лъугьине (вижизе)

ПРОИСХОЖДЕ́НИ//Е *с* 1) (*принадлежность к кому-чему-л.*) лъугьиґ н, бакки́, рижиґ ; **он чече́нец по ~ю** гьесул рижи чачанасул буго (*гьев чачанав вуго*); 2) (*возникновение*) бижараб куц; лъугьараб куц; ~ **языка́** мацI бижараб куц

ПРОИСШЕ́СТВИЕ *с* лъугьа-бахъин, ккараб (лъугьараб) иш; **у́личное ~** къотIноб ккараб иш

ПРОЙДО́ХА *м, ж разг.* макручи, хIалихьат, хIиллачи

ПРО́ЙМ//А *ж* кьвалакьбакI (*ратIлил);* **пла́тье у́зко в ~е** гурде кьвалакьан къваридаб буго

ПРОЙ//ТИ́ *сов.* 1) (*передвинуться*) ине, къотIун ине; **~ти́ по мосту́** кьодасан ине; **по не́бу прошли́ ту́чи** зоб къотIун ана накIкIал; **по реке́ прошёл ка́тер** гама гIордасан ана 2) *что (покрыть расстояние)* (нахъа) тезе; вилъгьине; **~ти пять киломе́тров** щуго километр тезе 3) *что (миновать, оставить позади себя)* аскIосан ине, нахъа тезе; **~ти́ ми́ мо своего́ до́ма** жиндирго ригьалда (минаялда) аскIосан ине 4) *перен. (распространиться)* тIибитIизе; **прошёл слух о том, что он жени́лся** гьес ригьин гьабун бугилан хабар тIибитIана 5) *перед кем-чем перен.* цебесан ине 6) (*появиться и исчезнуть)* баккунги бачIун тIагIине; **по губа́м прошла́ улы́бка** гьесул кIутIбуздасан паркъун ана гьими 7) (*выпасть – об осадках*) базе; **но́чью прошёл си́ льный дождь** къаси (сардилъ) кутакаб цIад бана 8) (*протечь*) чвахизе 9) (*через что-л. сквозь что-л.*) гьине; **шкаф в дверь не ~дёт** шкаф ну-цIихъан гьинаро 10) *что (разработать)* тIад хIалтIи гьабизе, хIалтIулаго цебе ине 11) (*пролечь):* **здесь ~дёт доро́га** нух гьанисан ине (лъезе) буго 12) (*оказаться принятым)* ворчIизе; **~ти по ко́нкурсу** конкурсалъ ворчIизе 13) (*о времени, событиях*) ине, лъугIизе; **оби́ да прошла́** ракIхвей ана (лъугIана) 14) *что (завершить)* лъугIизабизе; **програ́мму я прошёл** программа дица лъугIизабуна 15) (*прекратиться*) къотIизе (къатIине); **дождь прошёл** цIад къотIана ◊ **~ти́ ого́нь и во́ду** цIадулъги вежизе, лъе-лъанги ине (гIемераб жо хIехьезе ккезе); **э́ то да́ром не ~дёт** гьеб гIадада ккеларо; гьелъул цо жо ккечIого букIинаро

ПРОЙТИ́СЬ *сов.* 1) (*прогуляться*) дагьа-макъав хьвадизе, чанго гали тIамизе 2) (*подвергнуть обработке*) (тIаса-масаго) тIад хIалтIи гьабизе; ~ **кра́ской по по́лу** чIабаралда лажбар бахине *(дагьа-макъаб*)

ПРОК *м разг.* пайда, хайир; **како́й ~ в его́ сове́тах!** (щиб) кинаб пайда бугеб гьесул малъа-хъваязул (гIакълабазул)!

ПРОКАЖЁННАЯ *ж* барас унтиялъ унтарай (барасалъ унтарай)

ПРОКАЖЁННЫЙ *м* барасалъ унтарав

ПРОКА́ЗА[1] *ж (болезнь)* барас, проказа

ПРОКА́З//А[2] *ж (шалость)* гогьлъи, гьачдей, гIантаб махсара; гъалмагъир; **де́тские ~** лъималазул гъалмагъир (гьачдей)

ПРОКА́ЗНИК *м* гогьма, гьачдеро, гъалмагъирчи, чанкIкIел

ПРОКА́ЗНИЦА *ж* гогьма, гьачдеро, гъалмагъирчIужу, чанкIкIел

ПРОКА́ЗНИЧАТЬ *несов. разг.* гогьдаризе, гьачдезе, чанкIкIизе (чанкIкIарал жал гьаризе), гъалмагъир гьабизе

ПРОКА́ЛИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **прока́лить(ся)**

ПРОКАЛИ́ ТЬ *сов. что* багIаризабизе; **~ про́волоку** маххулквар багIаризабизе (*багIарлъизегIан)*

ПРОКАЛИ́ ТЬСЯ *сов.* багIаризе

ПРОКА́ЛЫВАТЬ *несов. см.* **проколо́ть**[1]

ПРОКАНИТЕ́ЛИТЬСЯ *сов. разг.* хIинцго, гIадада заманги хвезабун, щибниги гьабизе; гIемераб заманги рахIатвейги хIажалъулеб хIалтIуде машгъуллъизе

ПРОКА́ПЧИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **прокопти́ ть(ся)**

ПРОКА́ПЫВАТЬ *несов. см.* **прокопа́ть**

ПРОКА́РКАТЬ *сов.* гъагъадизе *(гъеду); кигIаналиго заманалъ* гъагъадизе

ПРОКА́Т[1] *м тех.* 1) *см.* **прока́тка;** 2) прокат (чIинтIизарун гьарурал металлалъул изделиял

ПРОКА́Т[2] *м* заманалъ пайда босизе мухьдахъ *щибниги* кьей

ПРОКАТА́ТЬ *сов. что* 1) (*разгладить*) тIасан михир бачун, битIизабизе 2) *техн.* машинаялъ чIинтIизаризе

ПРОКАТА́ТЬСЯ *совю.* 1) (*разгладиться*) (*тIад михир бачунаго*) битIун ине 2) (*кататься в течение какого-л. времени*) рекIун тира-сверизе; **весь день ~ на велосипе́де** тIубараб къоялъ, велосипедалдаги рекIун, тира-сверизе

ПРОКАТИ́ТЬ *сов.* 1) *кого-что* рекIинеги гьавун, тира-сверизавизе; **~ на автомоби́ ле** автомобилалда тира-сверизавизе 2) *что (катя, передвинуть)* гиризабун бачине 3) *разг. (промчаться мимо)* аскIосан хехго ине (*рекIун*) 4) *кого-что перен. разг.* нахъчIвазе, вищичIого тезе; **~ на вы́борах** рищиязда нахъчIвазе, вищичIого тезе

ПРОКАТИ́//ТЬСЯ *сов.* 1) (*переместиться)* гирун ун бакI тезе 2) *перен. (раздаться)* бахъине; **~лся гром** гъугъадулеб гьаракь бахъана 3) (*проехаться)* кепалъего дагьаб манзилалъ рекIун ине; **~ться на ло́шади** дагьаб мехалъ рекIелгъеялъе чода рекIун ине

ПРОКА́ТКА *ж тех. къваригIараб куцалда* махх чIинтIизаби

ПРОКА́ТЧИК *м* махх чIинтIизабулев чи

ПРОКА́ТЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **проката́ть(ся)** *и* **прокати́ ть(ся)**

ПРОКА́ШИВАТЬ *несов. см.* **прокоси́ ть**

ПРОКА́ШЛИВАТЬСЯ *несов. см.* **прока́шляться**

ПРОКА́ШЛЯТЬСЯ *сов.* хIалцон щекъер ахтуялдаса бацIцIад гьабизе

ПРОКИПЕ́//ТЬ *сов.* тIубан гьализе (гьалдезе); *кигIаналиго заманалъ* гьализе; **суп ~л** чурпа гъалдана

ПРОКИПЯТИ́ ТЬ *сов. что* гьалдезабизе; **~ суп** чурпа гьалдезабизе

ПРОКИСА́НИЕ *с* (*по гл.* **прокиса́ть**) цIéкIлъи (цIекIлъун хвей); **~ молока́** рахь цIéкIлъи

ПРОКИСА́ТЬ *несов. см.* **проки́ снуть**

ПРОКИСЛ//ЫЙ, -ая, -ое *разг.* цIекIлъараб (цIекIлъун хвараб); **~ое молоко́** цIекIлъараб рахь

ПРОКИ́ СНУТЬ *сов.* цIекIлъизе; **суп проки́ с** чурпа цIекIлъун буго (чурпаялда цIекIлъи́ речIчIун буго)

ПРОКЛА́ДКА *ж* **1**. (*по гл.* **прокла́дывать**) лъей (гьаби); **~ доро́ги** нух лъей (гьаби) **2**. (*слой*) гьоркьоб лъолеб жо; **рези́ новая ~** резиналъул гьоркьоб лъолеб жо

ПРОКЛА́ДЫВАТЬ *несов. см.* **проложи́ ть**

ПРОКЛАМА́ЦИЯ *ж* прокламация (*политикияб хIасилалъул агитациялъулаб тIамач*)

ПРОКЛЁВЫВАТЬСЯ *несов. см.* **проклю́ нуться**

ПРОКЛЕ́ИВАТЬ *несов. см.* **прокле́ить**

ПРОКЛЕ́ИТЬ *сов. что* седезе (синуца седезе); сину бахине (*кигIаналиго заманалъ*)

ПРОКЛЕ́ЙКА *ж* (*по гл.* **прокле́ить**) седей; седараб жо; седолеб жо

ПРОКЛИНА́ТЬ *несов.* 1) *см.* **проклясть́; 2)** *кого-что разг.* нагIана кьезе; **~ себя́ за рассе́янность** палгъаялъухъ жиндиего нагIана кьезе

ПРОКЛЯ́СТЬ *сов. кого-что* нагIана кьезе ◊ **будь ты про́клят (про́клята)!** нагIана батаги дуе!

ПРОКЛЯ́ ТИЕ *с* нагIана; нагIана кьей

ПРОКЛЯ́ ТЫЙ, -ая, -ое нагIана батаяб (нагIанабатад)

ПРОКО́Л 1. (*по гл.* **проколо́ть**[1]) борлъи, каратI бахъи **2**. (*отверстие*) (*борлъун лъугьараб)* каратI

ПРОКОЛО́ТЬ[1] *сов. кого-что* борлъизе; **~ дыру́** каратI борлъизе (бахъизе); **~ штыко́м** хочоца борлъизе (борлъун рехизе)

ПРОКОЛО́ТЬ[2] *сов. что (кигIаналиго заманалъ*) бичIизе; **~ дрова́ це́лый день** тIубараб къоялъ цIул бичIизе (хъвалхьине)

ПРОКОММЕНТИ́РОВАТЬ *сов. что* баян кьезе, бичIчIизабун бицине

ПРОКОМПОСТИ́РОВАТЬ *сов. что* компостералъ гIуж лъезе; **~ биле́т** белтида компостералъ гIуж лъезе (борлъизе)

ПРОКОНОПА́ТИТЬ *сов. что* габанидул хайи къазабун (бугIун) бацизе (*рацIцIи́, кьватIел*)

ПРОКОНОПА́ЧИВАТЬ *несов. см.* **проконопа́тить**

ПРОКОНСПЕКТИ́ РОВАТЬ *сов. что* конспект хъвазе, конспект гьабизе

ПРОКОНСУЛЬТИ́РОВАТЬ *сов. кого-что* консультация гьабизе

ПРОКОНСУЛЬТИ́РОВАТЬСЯ *сов.* консультациялъе ине, консультация щвезе

ПРОКОНТРОЛИ́ РОВАТЬ *сов. кого-что* контроль гьабизе

ПРОКОПА́ТЬ *сов. что* 1) бухъизе*;* бахъизе; **~ кана́ву** рахъ бахъизе 2) (*копая пройти насквозь*) бухъулаго цояб рахъалде багьизабизе

ПРОКОПА́ТЬСЯ *сов. разг.* 1) вухъаризе, вухъарулев вукIине (*цо бакIалде щвезегIан*) 2) (*провести время, делая что-л.*) *щибниги гьабулаго*, заман инабизе

ПРОКОПТИ́ТЬ *сов. что* 1) (*покрыть копотью*) лахIуца, къентIуриялъ бацизе 2) (*пропитать дымом*) кIкIуй речIчIизабизе 3) (*приготовить копчением*) кIкIуй речIчIизабун, хIадур гьабизе *(гьан, бакь ...*), кьекIкIинабизе

ПРОКО́РМ *м разг. (по гл.* **прокорми́ть** *и* **прокорми́ться**) кванай, кваназаби

ПРОКОРМИ́ ТЬ *сов. кого-что* кваназабизе, хьихьизе; **~ семью́** хъизан кваназабизе, хьихьизе

ПРОКОРМИ́ ТЬСЯ *сов. разг. жиндиего* кваназе жо балагьизе; бетIербахъи гьабизе

ПРОКО́С *м* харицелалъ бачараб чIва

ПРОКОСИ́ ТЬ *сов. что* 1) (*сделать полосу*) харицелалъ бецун, чIва базе; **~ межу́** бецун гIурхъи чIвазе 2) (*в течение какого-л. времени*) *кигIаналиго заманалъ* бецизе; **~ це́лый день** тIубараб къоялъ бецизе

ПРОКРА́ДЫВАТЬСЯ *несов. см.* **прокра́сться**

ПРОКРА́СИТЬ *сов. что (покрыть краской)* лажбар бахине, краскаялъ (релъеналъ) белъине; *кигIаналиго заманалъ* лажбар бахине

ПРОКРА́СИТЬСЯ *сов.* релъен гъорлъ босизе

ПРОКРА́СТЬСЯ *сов.* балъго, вихьичIого *кивениги* лъугьине, цIогьохъе ворчIизе

ПРОКРА́ШИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **прокра́сить(ся)**

ПРОКРИЧА́//ТЬ *сов.* что 1) гьаракь гьабизе, ахIдезе, гIегIедизе (*хIелеко*) 2) (*в течение какого-л. времени*) (*кигIаналиго заманалъ*) ахIдезе, чIичIидизе; **ребёнок ~л всю ночь** лъимер тIубараб сордоялъ чIичIидана

ПРОКУРАТУ́РА *ж* прокуратура

ПРОКУ́РИВАТЬ *несов. см.* **прокури́ ть**

ПРОКУРИ́ТЬ *сов. разг.* 1) *что (пропитать табачным дымом*) танхьил кIкIуялъул цIезабизе 2) *что (израсходовать на курение)* хъалиян бухIиялъе харж гьабизе 3) (*в течение какого-л. времени*) *кIигIаналиго заманалъ* хъалиян цIазе

ПРОКУРО́Р *м* прокурор

ПРОКУРО́РСКИЙ, -ая, -ое прокурорасул; ~ **надзо́р** прокурорасул надзор (хъаравуллъи)

ПРОКУСИ́ ТЬ *сов.что* хIанчIун борлъизе

ПРОКУ́ СЫВАТЬ *несов. см.* **прокуси́ ть**

ПРОКУТИ́ТЬ *сов.* 1) *что* кеп-гIоркь гьабизе (квана-гьекъон); чекизе, гьородахъ биччазе, квана-гьекъон лъугIизабизе; ~ **все де́ньги** кинабго гIарац квана-гьекъон лъугIизабизе 2) (*в течение какого-л. времени*) *кигIаналиго заманалъ* кеп-гIоркьалда (квана-гьекъолев) вукIине; ~ **всю ночь** тIубараб сордоялъ квана-гьекъолев, кеп-гIоркьалда вукIине

ПРОКУ́ ЧИВАТЬ *несов. см.* **прокути́ ть**

ПРОЛАГА́ТЬ *несов. см.* **проложи́ ть**[1]

ПРОЛА́МЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **проло́ма́ть(ся), проломи́ ть(ся)**

ПРОЛА́Я//ТЬ *сов.* 1) (*издать лай*) хIапизе 2) (*в течение какого-л. времени*) хIапдезе; **соба́ка ~ла всю ночь** гьой тIубараб сордоялъ (сордо рогьинегIан) хIапдана

ПРОЛЕГА́//ТЬ *несов.* ине; букIине; **доро́га ~ла в гора́х** нух мугIруздасан (унеб) букIана

ПРОЛЕЖА́//ТЬ *сов.* 1) (*в течение какого-л. времени*) вегизе, вегун вукIине; **~ть до ве́чера в посте́ли** къасилъагIан бусалъ вегун вукIине 2) (*пробыть без употребления*) бегун хутIизе; **письмо́ ~ло на по́чте три дня** кагъат почалда лъабго къоялъ бегун хутIана 3) *что разг. (отлежать)* вегиялъ цо бакI унтизе

ПРО́ЛЕЖЕНЬ *м мед.* гIемераб мехалъ, цо рахъги гъоркьехун гьабун,вегиялъ лъугьараб ругъун (бусада лъугьараб ругъун)

ПРОЛЕЗА́ТЬ *несов. см.* **проле́зть**

ПРОЛЕ́ЗТЬ *сов.* 1) харизе; жаниве лъугьине; ~ **в окно́** гордухъан жаниве лъугьине 2) *перен. разг.* нух бахъизе, гьоркьове лъугьине

ПРОЛЕПЕТА́ТЬ *сов. что и без доп.* нунудун (бичIчIулареб куцалъ) кIалъазе

ПРОЛЁТ *м* 1) (*открытое пространство*) *сунданиги гьоркьоб бугеб* рагьараб бакI; гьоркьобакI 2) (*промежуток между опорами)* саказда гьоркьобакI (саказда гьоркьоб бугеб манзил); ~ **моста́** кьодул халалъи (саказда гьоркьоб бугеб манзил) 3) *разг. (перегон)* кIиго станциялда гьоркьоб бугеб маххулнух

ПРОЛЕТАРИА́Т *м* пролетариат (*капиталистияб обществоялда буржуазиялъ жидер гьийин кваналеб класс*)

ПРОЛЕТАРИЗА́ЦИЯ *ж* пролетараллъун лъугьин

ПРОЛЕТАРИЗИ́РОВАТЬ *сов и несов.* мухьдахъ хIалтIулезде сверизаризе, пролетараллъун лъугьинаризе

ПРОЛЕТАРИЗИ́РОВАТЬСЯ *сов. и несов.* пролетараллъул лъугьине

ПРОЛЕТА́Р//ИЙ *м* пролетарий, мухьдахъ хIалтIулев; **~и всех стран, соединя́йтесь!** киналго улкабазул пролетарал, цолъе (нуж)!

ПРОЛЕТА́РСК//ИЙ, -ая, -ое пролетарияб; пролетаразул; **~ая революю́ ция** пролетарияб революция

ПРОЛЕТА́ТЬ[1] *несов. см.* **пролете́ть**

ПРОЛЕТА́ТЬ[2] *сов.* (*какое-л. время*) *кигIаналиго заманалъ* боржине

ПРОЛЕТЕ́//ТЬ *сов.* 1) *что* боржине; боржун ине; **самолёт ~л тыс сячу киломе́тров** самолет азарго километралъ боржана 2) *разг. что и без доп. (промчаться)* боржараб жо гIадин ине 3) (*о времени*) хехго ине, боржун ине (*заман*)

ПРОЛИ́В *м* пролив, ралъдал кьварилъи (*кIиго ралъад цолъизабулеб кьварилъи*)

ПРОЛИВА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **проли́ ть(ся)**

ПРОЛИВНО́Й, -ая, -ое: ~ **дождь** чвахун тIолеб (тIуналъ балеб) цIад, чвахунцIад

ПРОЛИ́ ТИ//Е *с* (*по гл.* **проли́ ть**) тIей; гIодобе тIей; **~е кро́ви** би гIодобе тIей; **без ~я кро́ви** би гIодобе тIечIого

ПРОЛИ́ ТЬ *сов.* 1) гIодобе ине, тIезе 2) *разг. (пройти – о дожде)* базе ◊ ~ **свет** *на что-л.* багьа-бихъизабизе; ~ **кровь** би тIезе (лъукъизе, чIвазе); ~ **свою́ кровь** *за кого-что-л. (погибнуть, умереть) лъиениги-сундуениги гIоло* хвезе; ~ *чью-л.* **кровь** (*убить*) чIвазе, лъукъизе (*щивниги)*

ПРОЛИ́ //ТЬСЯ *сов.* 1) (*разлиться*) гIодобе ине; **вода́ ~лась на́ пол** лъим чIарбиде гIодобе ана 2) *разг. (выпасть – о дожде)* базе, чвахун тIезе

ПРОЛО́Г *м литературияб асаралъул* байбихьи

ПРОЛОЖИ́ ТЬ *сов. что* 1) гьабизе, бахъизе; халалъухъе лъезе; цIазе 2) *что, чем* (гьоркьоб) лъезе; ~ **я́йца соло́мой** ханазда гьоркьоб сум (солома) лъезе ◊ ~ **себе́ доро́гу** цеве ине жиндиего нух бахъизе; ~ **доро́гу** *(путь)* нух гьабизе (бахъизе)

ПРОЛО́М *м* **1**. (*по гл.* **проло́ма́ть**) беки; гъури; борлъи **2**. (*место*) бекараб (борлъараб) бакI; бахъараб каратI

ПРОЛОМА́ТЬ *сов. что* гъурун-гъурун бахъизе; ~ **отве́рстие** гъурун-гъурун каратI бахъизе

ПРОЛОМА́ТЬСЯ *сов.* бекун ине, гъурун ине

ПРОЛОМИ́ ТЬ *сов. что* бекизе, гъуризе; ~ **лёд** цIер гъуризе, (гъурун (бекун) каратI бахъизе)

ПРОЛОМИ́ //ТЬСЯ *сов. сундулалиго бакIлъиялъ* бекун ине, кьватIи лъугьине, кьватIи рехизе

ПРОЛОНГА́ЦИЯ *ж сундуениги* чIезабураб болжал халат гьаби; ~ **договО́ра** къотIиялъе чIезабураб болжал халат гьаби

ПРОЛОНГИ́ РОВАТЬ *сов. и несов. что* чIезабураб болжал халат гьабизе; ~ **договО́р** къотIиялъул болжал халат гьабизе

ПРОМА́ЗАТЬ *сов.* 1) *что (смазать)* лъикIаб хIалалъ кибго нах бахине 2) *что (замазать все щели)* киналго кьватIалаби рацизе, кьватIалабазда *щибниги* бохьизе 3) *прост. (промахнуться)* алхине, гIужда щунгутIизе

ПРОМА́ЗЫВАТЬ *несов. см.* **промА́зать**

ПРОМА́ЛЫВАТЬ *несов. см.* **промолО́ть**

ПРОМАРШИРОВА́ТЬ *сов.* маршалда ине; (*кигIаналиго заманалъ*) маршалда ине

ПРОМА́СЛЕНН//ЫЙ, -а, -ое 1) (*пропитанный маслом*) нах гъорлъ босараб; **~ая бума́га** нах гъорлъ босараб кагъат 2) (*грязный*) нахуца (чорок) хъуб гьабураб; **~ый комбинезо́н** нахуца хъуб гьабураб комбинезон

ПРОМА́СЛИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **промА́слить(ся)**

ПРОМА́СЛИТЬ *сов. что* нах гъорлъ босизабизе, нахуд хьезабизе

ПРОМА́СЛИТЬСЯ *сов.* нах гъорлъ босизе, нахуд хьезе

ПРОМА́ТЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **промота́ть(ся)**

ПРО́МАХ *м* 1) (*при выстреле и т.п.*) алхин, гIужда щвечIолъи 2) *перен. (ошибка, оплошность)* гъалатI, тохлъи́

ПРОМА́ХИВАТЬСЯ *несов. см.* **промахну́ться**

ПРОМАХНУ́ТЬСЯ *сов.* 1) (*при стрельбе и т.п.*) алхине, гIужда щунгутIизе, щвечIого хутIизе 2) *перен. разг. (ошибиться)* гъалатI ккезе, тохлъи́ биччазе

ПРОМА́ЧИВАТЬ *несов. см.* **промочи́ ть**

ПРОМА́ШКА *ж прост. см.* **про́мах**[2]

ПРОМЕДЛЕ́НИ//Е *с* (*по гл.* **проме́длить**) хIинцлъизе (хадуб бехъерхъизе) гьаби; хьадар гьаби; **без вся́ких ~й** кинаб букIаниги хIинцIлъи гьечIого (биччачIого)

ПРОМЕ́ДЛИТЬ *сов.* 1) (*задержаться*) хIинцлъизе, хьадарлъизе, хадуб бехъерхъизе (*цо кигIаналиго заманалъ*) 2) (*запоздать с чем-л.)* жиндир заманалда гьабунгутIизе, *сундуениги* кватIизе

ПРОМЕЖУ́ ТОК *м* 1) (*пространство*) гьоркьобакI; ~ **ме́жду о́кнами** гордазда гьоркьобакI 2) (*время*) заман; ~ **в де́сять лет** анцIго соналъул заман (болжал)

ПРОМЕЛЬКНУ́ТЬ *сов.* (*быстро появиться и исчезнуть*) паркъизе, цебесан паркъун ине; ~ **ми́мо о́кон** гордазда аскIосан паркъун ине

ПРОМЕ́НИВАТЬ *несов. см.* **променя́ ть**

ПРОМЕНЯ́ТЬ *сов. кого-что* 1) (*обменять*) хисизе 2) *на кого-что (предпочесть)* лъикIаблъун рикIкIине, цогидалдаса бокьизе, цебе кквезе, тIаса бищизе

ПРОМЕ́Р *м* **1.** (*по гл.* **проме́рить**) борцин **2**. (*ошибка при измерении*) борцунаго ккараб гъалатI

ПРОМЕРЗА́НИЕ *с* (*по гл.* **промёрзнуть**) цIорой, бугьин; ~ **по́чвы** ракь цIорой

ПРОМЕРЗА́ТЬ *несов. см.* **промёрзнуть**

ПРОМЁРЗЛ//ЫЙ, -ая, -ое цIорораб; **~ая земля́** цIорораб ракь (*гъварилъуде биччан*)

ПРОМЁРЗ//НУТЬ *сов.* 1) (*оледенеть*) цIер чIвазе; **земля́ глубоко́ ~ла** ракь гъваридго цIорона 2) *разг. (озябнуть)* цIоро-гъорозе; **~нуть до косте́й** рукьбузде щвезегIан цIоро-гъорозе

ПРОМЕ́РИВАТЬ *несов. см.* **проме́рить**

ПРОМЕ́РИТЬ *сов. что (измерить)* борцине; **~ глубину́** гъварилъи борцине

ПРОМЕРЯ́ ТЬ *несов. см.* **проме́рить**

ПРОМЕСИ́ТЬ *сов. что* буцизе (*тIубанго, лъикIаб хIалалъ, кигIаналиго заманалъ)*

ПРОМЕСТИ́ *сов. что* лъухьизе, лъухъазе; **~ доро́жку** нух лъухьизе

ПРОМЕТА́ТЬ[1] *сов. что* 1) (*прошить*) чIахIаго букъизе 2) (*обшить через край*) мицIиралдасан букъизе; **~ пе́тли** мицIиралда кIичIал (бекIикIичIал) рукъизе

ПРОМЕТА́ТЬ[2] *несов. см.* **промести́**

ПРОМЕТА́//ТЬСЯ *сов.* чIучIадахъдизе; **больно́й ~лся в бреду́ всю ночь** унтарав тIубараб сордоялъ риччалъ чIучIадахъдулев вукIана

ПРОМЁТЫВАТЬ *несов. см.* **промета́ть**[1]

ПРОМЕША́ТЬ *сов. что* лъикIаб хIалалъ жубазабизе; **~ у́голь в печи́** печалъуб тIурччи лъикIаб хIалалъ жубазабизе; кигIаналиго заманалъ багъаризе

ПРОМЕ́ШИВАТЬ[1] *несов. см.* **промеша́ть**

ПРОМЕ́ШИВАТЬ[2] *несов. см.* **промеси́ ть**

ПРОМЕ́ШИВАТЬСЯ *несов. см.* **промеси́ ться**

ПРОМЕ́ШКАТЬ *сов. разг.* халат бахъинабизе (хадуб бехъерхъизабизе); **~ неде́лю** анкьица халат бахъинабизе

ПРОМИНА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **промя́ ть(ся)**

ПРОМИ́ НКА *ж* хьвадизаби (*бекеризе биччалалде чу*)

ПРОМО́ЗГЛ//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*затхлый*) махIцараб, тураараб 2) (*сырой*) биччараб, рагъа́раб, реччел бугеб; роччараб; **~ая пого́да** роччараб гъава-бакъ

ПРОМО́ИНА *ж* ихица чураараб бакI; ихица бахъараб хвелех; ихирахъ

ПРОМОКА́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое: **~ая бума́га** щакъи цIулеб кагъат

ПРОМОКА́//ТЬ[1] *несов.* 1) *см.* **промо́кнуть**; 2) (*пропускать влагу*) лъим, регьел биччазе; **сапоги́ ~ют** чакмабаз лъим биччала (биччалеб буго)

ПРОМОКА́ТЬ[2] *несов. см.* **промокну́ть**

ПРОМОКА́ШКА *ж разг.* щакъи цIулеб кагъат

ПРОМО́К//НУТЬ *сов.* биччизе, цIалтине, цIалтун биччизе; **пла́тье си́льно ~ло** гурде цIалтун биччана; **но́ги ~ли** хIатIал риччана

ПРОМОКНУ́ ТЬ *сов. что* цIузе, цIузабизе (гъорлъ босизабизе)

ПРОМО́ЛВИТЬ *сов. что* абизе, абун биччан тезе; **не ~ сло́ва** цо рагIиги абунгутIизе

ПРОМОЛО́ТЬ *сов. что* ххине; **~ пшени́ цу** ролъ ххине

ПРОМОЛЧА́ТЬ *сов.* 1) (*не ответить*) вуцIцIун чIезе 2) (*некоторое время*) *кигIаналиго заманалъ* вуцIцIун (кIалъачIого) чIезе

ПРОМОРА́ЖИВАТЬ *несов. см.* **проморо́зить**[1]

ПРОМОРГА́ТЬ *сов. кого-что прост. (упустить)* борчIизе биччазе, тохлъизе

ПРОМОРИ́ ТЬ *сов. кого-что* вакъизавизе, квен кьечIого тезе; тату хвезабизе; гIемераб мехалъ *кив вугониги* чIезавизе; гIемераб мехалъ валагьун чIезавизе

ПРОМОРО́ЗИТЬ *сов.* 1) *что* лъикIаб хIалалъ цIорозабизе; **~ мя́со** гьан лъикIаб хIалалъ цIорозабизе 2) *кого-что разг. (продержать на холоде)* цIороялда чIезавизе; цIороараб бакIалда лъезе

ПРОМОТА́ТЬ *сов. что разг.* гIадада хвезабизе, харж гьабун лъугIизабизе; **~ всё иму́щество** кинабго буголъи харж гьабун (квана-гьекъон) лъугIизабизе

ПРОМОТА́ТЬСЯ *сов. разг.* харж гьабун(квана-гьекъон) гIарац (буголъи) лъугIизе

ПРОМОЧИ́ ТЬ *сов. что* биччизабизе; **~ но́ги** хIатIал риччизаризе ◊ **~ го́рло** щекъер биччизабизе, дагьаб жо гьекъезе

ПРОМТОВА́РНЫЙ, -ая, -ое къайи-къоноялъул; промышленносталъул къайидул; **~ магази́н** промышленносталъул къайи бичулеб тукен

ПРОМУ́ЧИТЬ *сов. кого-что* гIакъуба кьезе, гIазаб кьезе (*кигIаналиго заманалъ*)

ПРОМУ́ЧИТЬСЯ *сов.* гIакъуба (гIазаб) бихьизе

ПРОМЧА́//ТЬСЯ *сов.* 1) (*быстро проехать*) боржунеб жо гIадин (цIакъ хехго) ине; **~ться на мотоци́кле** мотоциклалда, воржунев гIадин (цIакъ хехго) ине 2) *перен. (о времени)* боржун ине; арабльи лъачIого ине

ПРОМЫВА́НИЕ *с* (*по гл.* **промы́ ть**) 1) *мед.* чури (*сунцаниги*) 2) чурун бацIцIад гьаби

ПРОМЫВА́ТЬ *несов. см.* **промы́ ть**

ПРОМЫ́ ТЬ *сов. что* 1) чуризе (*сунцаниги*); **~ желу́док** кванирукъ чуризе; **~ ра́ну** ругъун чуризе 2) (*очистить от примесей*) чурун бацIцIад гьабизе (*гъоркь бугеб жоялдаса*) 3) (*прорвать*) чура-хулун инабизе, нух бахъизе 4) *кигIаналиго заманалъ* чуризе; **~ пол до ве́чера** къасилъагIан чIабар чуризе

ПРОМЫЧА́//ТЬ *сов.* 1) гIергIедизе; **~ла коро́ва** гIака гIергIедана 2) (*о человеке*): **он ~л что́-то о себе́ под но́с** гьес жиндирго хIакъалъулъ цо гъула-туларал (ричIчIуларел) жал рицана

ПРОМЫ́ШЛЕННИК *м* промышленник (промышленнияб предприятиялъул бетIер); **кру́пный ~** кIудияв промышленник

ПРОМЫ́ ШЛЕННОСТЬ *ж* промышленность; **лёгкая ~** тIадагьаб промышленность; **авиацио́нная ~** авиациялъулаб (самолетал гьару́леб) промышленность

ПРОМЫ́ШЛЕНН//ЫЙ, -ая, -ое промышленносталъул(-аб); промышленность цебе тIураб; **~ое предприя́тие** промышленнияб предприятие

ПРОМЯ́ МЛИТЬ *сов. что и без доп. разг.* чIам-чIамун кIалъазе, хIинцго кIалъазе

ПРОМЯ́ ТЬ *сов.* 1) *что* зуризе, кIвекIизе, кIкIукIкIазе 2) *что (продавить)* тIаде цун хунтIизабизе, гванда лъугьинабизе 3) *что разг.: ~* **но́ги** боздул ритIа-ришизаризе

ПРОМЯ́ТЬСЯ *сов. разг.* хунтIун ине, гванда лъугьине; ритIа-ришизе

ПРОНЕС//ТИ́ *сов.* 1) *кого-что (некоторое время*) баччун босизе; **~ти́ груз на себе́ до конца́ пути́** юк, нух тун бахъинегIан, жинцаго баччун босизе 2) *кого-что (пройти мимо*) аскIосан росун ине; **~ти знамёна ми́мо трибу́ны** байрахъал трибуналда аскIосан росизе (росун ине) 3) *кого-что (быстро провезти*) хехго босун ине, хъамун ине 4) *что (протащить)* бехъерхъун бачине 5) *что перен. (сохранить надолго мысль, чувство и т.п.*) пикру, асар гIемераб мехалъ цIунизе (рекIелъ хутIизе) 6) *что безл. (мимо*) аскIосан бачун (хъамун) ине; **ве́тер пронёс ту́чу** гьороца накIкI аскIосан хъамун (бачун) ана 7) *что безл. перен. (миновать)* гьоркьоб биччазе, хъвачIого (асар гьабичIого) ине

ПРОНЕС//ТИ́ СЬ *сов.* 1) (*промчаться*) хехго боржун, бекерун ине 2) *перен.* хехго ине, лъугIизе; **бы́стро ~ло́сь ле́то** рии хехго лъугIана 3) *перен. (распространиться)* тIибитIизе, тIибитIун ине; **~ся слух** хабар тIибитIана

ПРОНЗА́ТЬ *несов. см.* **пронзи́ ть**

ПРОНЗИ́ТЕЛЬНО *нареч.* гIасиго, зунун; **~ кри́кнуть** гIасиго (рекIелъ зунулеб куцалъ) ахIдезе (гъаркьал гьаризе)

ПРОНЗИ́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое 1) (*резкий*) кутакаб, гIасияб, рекIелъ зунулеб; **~ визг** кутакаб (гIасияб) чIичIиди 2) (*о взгляде*) рекIелъе бортулеб, хIал бихьулеб 3) (*пронизывающий*) гъорлъе бортулеб, гъорлъе кколеб; **дул ~ ве́тер** гъорлъе бортулеб гьури пулеб букIана

ПРОНЗИ́ //ТЬ *сов. кого-что* тункун борлъизе; **~ть штыко́м** хеч тункун борлъизе

ПРОНИЗА́//ТЬ *сов. кого-что* борлъизе; гъорлъе бортизе; бессизе; **хо́лод ~л всё моё те́ло** квач дир чорхолъ бессун букIана

ПРОНИ́ ЗЫВАТЬ *несов. см.* **прониза́ть**

ПРОНИ́ЗЫВАЮЩ//ИЙ, -ая, -ее 1) (*очень сильный*) цIакъ кутакаб, гъорлъе кколеб; **~ий ве́тер** цIакъ кутакаб гьури 2) (*пронзительный*) рекIелъ зунулеб, рекIелъе бортулеб; **~ый взгляд** рекIелъе бортулеб балагьи

ПРОНИКА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **прони́ кнуть(ся)**

ПРОНИКНОВЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **прони́кнуть**) жанибе борчIи, нух бахъи **2**. гъорлъе бачIин; гъорлъ жубай

ПРОНИКНОВЕ́НН//ЫЙ, -ая, -ое гъваридаб; рекIелаб; хIасратаб; гъваридго жанибе лъугьунеб (рекIелъ босулеб); **~ая речь** гъваридаб, рекIее асар гьабулер кIалъай

ПРОНИ́К//НУТЬ *сов. во что* 1) (*попасть внутрь*) жанибе борчIизе (лъугьине) 2) (*распространиться*) тIибитIизе, тIибитIун ине 3) (*разобраться*) цIех-рех гьабун балагьизе, лъазабизе, гьорлъе ваккизе; **~нуть в суть де́ла** ишалъул хIакъикъаталда гьорлъе ваккизе

ПРОНИМА́ТЬ *несов.* **проня́ ть**

ПРОНИЦА́ЕМОСТЬ *ж* гьоркьосан биччалеб хасият

ПРОНИЦА́ЕМЫЙ, -ая, -ое гьоркьосан биччалеб, гьоркьосан борчIулеб (бачIунеб)

ПРОНИЦА́ТЕЛЬНОСТЬ *ж* хадувгъей, нахъгIунти; гъварилъи

ПРОНИЦА́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое рекIелъе бортулеб; хехго хадув гъолев, нахъ гIунтIулев; цIодораб, гъваридаб; **~ ум** гъваридаб гIакълу

ПРОНОСИ́ ТЬ[1] *несов. см.* **пронести́**

ПРОНОСИ́ТЬ[2] *сов.* 1 *(какое-л. время*) *кигIаналиго замалъ* ретIине 2) *что разг. (износить)* багьизегIан ретIине

ПРОНОСИ́ ТЬСЯ[1] *несов. см.* **пронести́ сь**

ПРОНОСИ́ТЬСЯ[2] *сов.* 1) (*прийти в ветхость от носки*) басралъизе, хохозе (*гIемер ретIиналъ*) 2) (*износиться*) хIулизе, багьизе, чIикIизе

ПРОНУМЕРОВА́ТЬ *сов. что* номерал лъезе

ПРОНЫ́ РА *м, ж разг.* речIчIа-регIарав чи

ПРОНЫРЛИВЫЙ, -ая, -ое речIчIа-регIарав; сихIирлъиялъ кибего нух бахъулев

ПРОНЮ́ХАТЬ *сов. что и без доп. разг.* махI сунтIизе; махI чIвазе

ПРОНЮ́ ХИВАТЬ *несов. см.* **проню́ хать**

ПРОНЯ́ ТЬ *сов. кого-что разг.* 1) (*пронизать*) гьорлъ бессизе 2) *перен. (сильно подействовать)* кIудияб асар гьабизе; **его́ ничём не проймёшь** гьесие сунганиги асар гьабуларо

ПРОПАГА́НДА *ж* пропаганда (*кинаб букIаниги идея, гIелму, лъай гъваридго халкъалда бичIчIизаби)*

ПРОПАГАНДИ́ РОВАТЬ *несов. что* пропаганда гьабизе

ПРОПАГАНДИСТ *м* пропагандист, пропаганда гьабулев чи

ПРОПАГАНДИ́СТКА *ж* пропагандистка, пропаганда гьабулей чIужу

ПРОПАГАНДИ́ СТСКИЙ, -ая, -ое пропагандаялъул(-аб)

ПРОПАДА́ТЬ *несов. см.* **пропа́сть**

ПРО́ПАДОМ : пропади́ ты ~! *разг.* араб бакI лъачIого тIагIаги мун!

ПРОПА́Ж//А *ж* 1) (*по гл.* **пропа́сть**) били, тIагIин 2) *разг. (пропавший предмет)* биларав жо, тIагIараб жо; **~а нашла́сь** биларав жо батана

ПРОПА́ЛЫВАТЬ *несов. см.* **прополо́ть**

ПРОПА́РИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **пропа́рить(ся)**

ПРОПА́РИТЬ *сов. что* хIохьлаца бацIцIад гьабизе; хIохьлаца хIеккинабизе, тамах гьабизе

ПРОПА́РИТЬСЯ *сов.* 1) хIохьлаца хIеккине, тамахлъизе, бацIцIалъизе

ПРО́ПАСТ//Ь *ж* 1) (*обрыв*) гъваридаб, тIун араб кIкIал 2) *перен. (расхождение)* кIудияб батIалъи; рагIи данде ккунгутIи; дагIба ккей; **ме́жду ни́ми возни́кла ~ь** гьезда гьоркьоб дагIба ккана (рагIи данде ккунгутIи лъугьана) 3) *чего разг. (множество)* цIакъ кIудияб къадар

ПРОПА́//СТЬ *сов.* 1) (*потеряться*) рилизе; **~ли бума́ги** кагътал рилана 2) (*исчезнуть*) тIагIине; **куда́ он ~л?** киве гьев тIагIарав? **~сть без вести** хабар къотIизе (хабар къотIун тIагIине) 3) (*утратиться*) тIагIине, кьине; **го́лос ~л** гьаракь кьана; **зре́ние ~ло** (берзул) канлъи тIагIана 4) (*погибнуть*) хвезе; **цветы́ ~ли от моро́за** тIугъдул цIорон (цIороялъ) хвана 5) (*пройти бесполезно*) гIадада (пайда гьечIого) гьоркьоб ине; **~л мой труд** дир захIмат гьоркьоб ана (гIадада ккана) ◊ **пиши́ ~ло** гIадада ккеялда ракI чIа

ПРОПАХА́ТЬ *сов. что* бегизе (*кутнаца*), бекьизе; **~ бороздý** рахъ базе (*кутнаца)*

ПРОПА́ХИВАТЬ *несов. см.* **пропаха́ть**

ПРОПА́ХНУТЬ *сов. чем и без доп.* махI бахъине; **~ ды́мом** кIкIуйдул махI бахъине

ПРОПА́ШКА *ж* (*по гл.* **пропаха́ть**) беги, бекьи

ПРОПАШН//О́Й, -ая, -ое *с.-х.* 1) (*о машинах*) рекьул, рекьи гьабулеб; кьурдузда гьоркьоб бакI бегулеб 2) **~ы́е культу́ры** рекьулел культураби, кьурдузда гьоркьор гIезарурал культураби

ПРОПА́Щ//ИЙ, -ая, -ее *разг.* 1) гьоркьоб араб (тIагIараб); **~ие де́ньги** гьоркьоб араб (тIагIараб) гIарац 2) (*безнадёжный*) хьул къотIараб, божел гьечIеб; **~ее де́ло** хьул къотIараб (божел гьечIеб) иш 3) (*неисправимый*) мекъи ккараб, битIизабун бажаруларе́б; **~ий человек** мекъи ккарав чи

ПРОПЕКА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **пропе́чь(ся)**

ПРОПЕ́ЛЛЕР *м* пропеллер, техтеро

ПРОПЕ́РЧИВАТЬ *несов. см.* **пропе́рчить**

ПРОПЕ́РЧИТЬ *сов. что* пилпил цIикIкIинабизе

ПРОПЕСО́ЧИВАТЬ *несов. см.* **пропесо́чить**

ПРОПЕСО́ЧИТЬ *сов. кого разг.* кьварун лъазабизе; цIакъ семизе

ПРОПЕ́//ТЬ *сов.* 1) *что* ахIизе, кIалалъ бакъан бачине (бакъан тIамизе) 2) (*о петухе*) гIегIедизе 3) *что (потерять голос) (гIемер кечI ахIиялъ*) гьаракь кьине

ПРОПЕ́ЧЬ *сов.* 1) *что (лъикIаб хIалалъ*) бежизабизе 2) *кого-что (прогреть)* вагIаризавизе

ПРОПЕ́ЧЬСЯ *сов.* 1) (*испечься*) (*лъикIаб хIалалъ, кисанго*) бежизе; **пиро́г хорошо́ пропёкся** пирог лъикIаб хIалалъ бежун буго 2) *разг. (сильно прогреться)* лъикIаб хIалалъ багIаризе; **~ на со́лнце** бакъалда лъикIаб хIалалъ вагIаризе (бакъуца вухIизе)

ПРОПИВА́ТЬ *несов. см.* **пропи́ ть**

ПРОПИ́ ЛИВАТЬ *несов. см.* **пропили́ ть** 1)

ПРОПИЛИ́ТЬ *сов. что* 1) хъухъазе, хъухъан къотIизе; (хъухъадироялъ) цо бакIалде щвезегIан хъухъазе 2) (*некоторое время*) хъухъадизе (*кигIаналиго заманалъ*)

ПРОПИСА́ТЬ *сов.* 1) *кого-что цо бакIалда гIумру гьабизе* (даптаралда) хъвай-хъвагIай гьабизе 2) *что (назначить)* хъвазе; **~ лека́рство** дару хъвазе 3) *что и без доп. (кигIаналиго заманалъ*) хъвазе; **весь ве́чер ~ статью́** тIубараб сордоялъ макъала хъвазе

ПРОПИСА́ТЬСЯ *сов. цо бакIалда* жиндирго хъвай-хъвагIай (прописка) гьабизе

ПРОПИ́СК//А *ж* прописка, хъвай-хъвагIай гьаби (*цо бакIалда гIумру гьабизе)*

ПРОПИСН//О́Й, -ая, -ое 1) прописка яльъе хIажатаб 2) (*общеизвестный*) киназдаго лъалеб, якъинаб; **~а́я и́стина** якъинаб хIакъикъат ◊ **~а́я бу́ква** кIудияб хIарп

ПРОПИ́ СЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **прописа́ть(ся)**

ПРО́ПИС//Ь *ж* **1.** хIарпал берцинго ва битIун хъваялъе бугеб пособие **2**. *в знач. нареч.* **~ю́** хIарпаздалъун; **написа́ть число́ ~ью** рикIкIен (къо-моцI) хIарпаздалъун хъвазе

ПРОПИТА́НИЕ *с уст.* (*по гл.* **пропита́ть**[1]**)** квен, кваназе жо; **зарабо́тать на ~** квание (кваназе жоялье) хIалтIун гIарац балагьизе

ПРОПИТА́ТЬ[1] *сов. кого-что разг.* кваназе жо чIезабизе; кваназабизе; **~ семью́** хъизаналъе кваназе жо чIезабизе, хъизан кваназабизе

ПРОПИТА́//ТЬ[2] *сов. что чем* гьорлъ бессизабизе (босизабизе); цIезабизе; **~ть тря́пку ма́слом** чIорто нахулъан баккизабизе; **оде́жду ~л за́пах нафтали́на** ретIел нафталиналъул махIалъ цIезабун букIана

ПРОПИТА́ТЬСЯ[1] *сов. разг. (прокормиться)* жиндиего кваназе жо балагьизе (чIезабизе), живго кваназежоялдалъун хьезавизе

ПРОПИТА́//ТЬСЯ[2] *сов. чем* гьорлъ бессун (босун) букIине; **воздух ~лся за́пахом мо́ря** гьаваялда гьорлъ ралъдал махI (бессун) букIана

ПРОПИ́ ТЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **пропита́ть(ся)**

ПРОПИ́ ТЬ *сов.* 1) *кого-что* гьекъон лъугIизабизе; гьекъолеб жоялъухъ кьун лъугIизабизе 2) *что (утратить): ~* **го́лос** гIемер гьекъолдун гьаракь къинабизе (хвезабизе), гьаркьидаса махIрумлъизе

ПРОПИ́ ХИВАТЬ *несов. см.* **пропихну́ть**

ПРОПИХНУ́ТЬ *сов. кого-что разг.* бугIа-босун (хIалица) къазабизе; ~ **шкаф в дверь** шкаф нуцIихъан хIалица къазабизе (босизе, бехъерхъизе)

ПРОПЛА́ВАТЬ *сов.* (*кигIаналиго заманалъ*) лъедезе

ПРОПЛА́КАТЬ *сов. (кигIаналиго заманалъ)* гIодизе ◊ ~ **все глаза́** чвахун тIун гIодизе

ПРОПЛЕ́СНЕВЕТЬ *сов.* тIубанго (кибго) ккал чIвазе

ПРОПЛУТА́ТЬ *сов. разг.* нух къосун тиризе (сверизе); ~ **два часа** нух къосун кIиго сагIаталъ сверизе (сверулев хутIизе)

ПРОПЛЫВА́ТЬ *несов. см.* **проплы́ ть**

ПРОПЛЫ́ ТЬ *сов.* 1) *что* лъедезе (*цо чIараб манзилалъ яги заманалъ*) ~ **до середи́ ны реки́** гIурул бакъулъе щвезегIан лъедезе 2) *что (плывя, миновать*) лъедон нахъа тезе; ~ **мая́ к** лъедон маяк нахъа тезе (лъедон маякалдаса довегIан ине) 3) (*плавно пролететь)* гьаругьинан боржине 4) *перен.*: **пе́ред глаза́ми проплы́ ли воспомина́ния де́тства** беразда цересан лъедон гIадин ана лъимерлъиялъул ракIалдещвеял

ПРОПЛЯСА́ТЬ *сов.* 1) *что* кьурдизе; ~ **лезги́нку** лезгинка кьурдизе 2) (*некоторое время*) (*кигIаналиго заманалъ*) кьурдизе; ~ **весь ве́чер** тIубараб сордоялъ кьурдизе

ПРОПОВЕ́ДНИК *м* 1) *рел.* вагIза гьабулев чи(вагIзачи) 2) *чего перен. (теории, учения*) *кинаб бугониги* теория, гIелму, пикру тIибитIизабулев чи

ПРОПОВЕ́ДОВАТЬ *несов. что* 1) *рел.* (диниябг) вагIза гьабизе 2) *перен. (теорию, учение*) *кинаб бугониги* теория, гIелму тIибитIизабизе

ПРО́ПОВЕДЬ *ж* **1.** *рел.* вагIза (*мажгиталда гьабулеб диниябг хасияталъул кIалъай*) **2**. *перен. разг. кинаб бугониги* гIелму, пикру, идея тIибитIизаби

ПРОПО́ЙЦА *м прост.* гьекъолдухъан

ПРОПОЛА́СКИВАТЬ *несов. см.* **прополоска́ть**

ПРОПОЛЗА́ТЬ *несов. см.* **проползти́**

ПРОПОЛЗТИ́ *сов.* 1) *что (продвинуться ползком*) хъурщун ине; ~ **по земле́** ракьалдасан хъурщун ине; ~ **не́сколько ме́тров** чанго метралъ хъурщун ине 2) (*вползти, заползти*) жаниве хъурщизе; гьоркье хъурщизе

ПРОПО́ЛКА *ж* (*по гл.* **прополо́ть**) чIарай, чIаради

ПРОПОЛОСКА́ТЬ *сов. что* хулизе, чура-хулизе; ~ **рот** кIал хулизе

ПРОПОЛО́ТЬ *сов. что* чIаразе; ~ **огород** пастIан чIаразе

ПРОПО́ЛОЧН//ЫЙ, -ая, -ое чIарадиялъул; **~ые рабо́ты** чIарадиялъул хIалтIаби

ПРОПОРЦИОНА́ЛЬНО *нареч.* пропорция данде кколеб кучалъ

ПРОПОРЦИОНА́ЛЬНОСТЬ *ж* пропорция буголъи (букIин) (цокIалаб роцен букIин)

ПРОПОРЦИОНА́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое 1) (*соразмерный*) пропорция бугеб, пропорция данде ккараб (цокIаллъи рекъон ккараб) 2) *мат.* пропорционалияб, пропорциялъулаб

ПРОПО́РЦИЯ *ж* 1) *(соразмерность)* цоцалъ рекъонккей (рекъей), цокIаллъи, рекъонккей 2) *мат.* пропорция

ПРОПОТЕ́//ТЬ *сов.* 1) (*сильно вспотеть*) кутакалда гIетI базе; ~**ть в ба́не** хIамамалда кутакалда гIетI базе; **~ть от лека́рства** даруялъ (даруги гьекъон) кутакалда гIетI базе 2) *разг. (пропитаться)* гIетIулъ босизе, гIетI гьорлъ босизе 3) *над чем перен. прост.* гIетI кIанцIилеб хIалалъ (гIемераб мехалъ) ургъизе; **~ть над зада́чей** маслъалаялда тIад гIемераб мехалъ ургъизе

ПРО́ПУСК *м* **1.** (*по гл.* **пропуска́ть**) биччай (*жанибе, къватIибе*, *гьоркьоб); ~* **зри́ телей в зал** балагьулел залалде риччай; ~ **сло́ва в те́ксте** тексталда рагIи гьоркьоб биччай **2**. (*мн.* **пропуска́**) *киреиги* жанире ине изну кьолел документал, пропускал **3**. (*мн. пропуски*) гьоркьор риччарал бакIал, гьоркьор теял; **чита́ть с ~ами** бакI-бакIалги гьоркьор тун цIализе **4**. (*мн.* **про́пуски**) гьоркьор риччай; **посеща́ть ле́кции без ~ов** лекциязде гьоркьор риччачIого хьвадизе

ПРОПУСКА́ТЬ *несов.* 1) *см.* **пропусти́ ть**; 2) *что* гьорлъан биччазе; ~ **черни́ла** щакъи гIорлъан биччазе; ~ **свет** гьорлъан канлъи биччазе

ПРОПУСТИ́ТЬ *сов.* 1) *кого (обслужить)* хъулухъ гьабизе (тIубазе); ~ **сто челове́к** нусго чиясул хъулухъ (къваригIел) тIубазе 2) *что (заставить пройти сквозь*) гьоркьосан инабизе, би-ччазе; ~ **мя́со че́рез мясору́бку** гьан ххунеб машинаялъусан гьан биччазе (гьан ххине) 3) *кого-что (разрешить пройти, проехать)* риччазе; ~ **дете́й вперёд** лъимал цере риччазе 4) *что (пройти, проехать мимо*) аскIосан ине, гьоркьоб тезе 5) *кого-что (упустить)* лъачIого борчIизе, биччазе, тохлъун ккезе 6) *что (сделать пропуск*) гьоркьоб тезе; ~ **стро́чку** мухъ гьоркьоб тезе (биччазе) 7) гьоркьоб биччазе; ~ **ле́кцию** лекция гьоркьоб биччазе ◊ ~ **ми́мо уше́й** гIин тIамичIого тезе

ПРОПУТЕШЕ́СТВОВАТЬ *сов.* (*кигIаналиго заманалъ*) сапаралде вукIине, сапар гьабизе

ПРОПЫЛИ́ТЬ *сов.* 1) *кого-что (пропитать пылью)* хIур гьорлъ бессизабизе 2) *разг. (проехать, подняв пыль*) хIурги бахъинабун ине

ПРОПЫЛИ́ ТЬСЯ *сов.* хIур чIвазе, хIурул цIезе

ПРОПЬЯ́ НСТВОВАТЬ *сов.* (*кигIаналиго заманалъ*) гьекъолдулев вукIине; ~ **всю ночь** тIолабго сордоялъ гьекъолдулев вукIине

ПРОРАБА́ТЫВАТЬ *несов. см.* **прораба́тать** 2, 3

ПРОРАБО́ТАТЬ *сов.* 1) *что (некоторое время) кигIаналиго заманалъ кивниги* хIалтIизе; ~ **ме́сяц** моцIица хIалтIизе 2) *что разг. (изучить)* тIад хIалтIун, лъазабизе 3) *кого-что разг. (раскритиковать)* кьварараб критика гьабизе

ПРОРАБО́ТКА *ж* (*по гл.* **прораба́тать**) тIад хIалтIун лъазаби; кьварараб критика гьаби

ПРОРАСТА́НИЕ *с* (*по гл.* **прораста́ть**) (тIаде) бакки; чIор кIанцIи; тIирщи, тIирщ рехи, тIирщай

ПРОРАСТА́ТЬ *несов. см.* **прорасти́**

ПРОРАСТИ́ *сов.* 1) (тIаде) баккизе; тIирщазе; **зерно́ проросло́** мугь тIаде баккана 2) (*пробиться*) гьоркьосан баккизе; **сквозь ка́мни проросла́ трава́** ганчIазда гьоркьосан хер баккана

ПРОРАСТИ́ТЬ *сов. что* бижизабизе, баккизабизе, чIорал кIанцIизаризе, тIирщизабизе; ~ **карто́фель** картошка бижизабизе

ПРОРА́ЩИВАНИЕ *с* (*по гл.* **проро́ащивать**) тIирщазаби

ПРОРВА́//ТЬ *сов.* 1) *что* тIезабун каратI лъугьинабизе 2) *что (разрушить преграду*) биххизабизе; **вода́ ~ла́ плоти́ну** лъеца сангар тIезабуна (биххизабуна) (сангаралдасан лъеца нух бахъана) 3) (*пробиться, сломив сопротивление*) дандечIейги бекизабун (къуркьизабун) биххизабизе, тIезабизе 4) *кого безл. разг. (ццин)* къватIибе рехизе, кьвагьизе, бихъизе

ПРОРВА́//ТЬСЯ *сов.* 1) тIун ине; тIун каратI лъугьине; **рукава́ ~ли́ сь** гурдил къвалазда картIал лъугьана 2) (*сломаться под напором*) тIадецуялъ бекун (биххун) ине; **плоти́ на ~ла́сь** сангар биххун ана 3) кьватIизе 4) (*пробиться, сломив сопротивление)* къватIибе нух бахъизе, къватIибе борчIизе

ПРОРЕДИ́ ТЬ *сов. что* лъедер гьабизе, чIаразе; ~ **кукуру́зу** цIоросаролъ лъедер гьабизе (гьоркьоса чIаразе); къотIун лъедер гьабизе

ПРОРЕ́ЖИВАНИЕ *с* (*по гл.* **прореди́ ть**) лъедер гьаби; чIарай, гьоркьоса бахъи

ПРОРЕ́ЖИВАТЬ *несов. см.* **прореди́ ть**

ПРОРЕ́З *м* **1.** (*по гл.* **проре́зать**) къóтIи **2**. (*место*) къотIараб бакI; къотIун бахъараб каратI

ПРОРЕ́ЗА//ТЬ *сов. что* 1) къотIизе, гIанлъизе; къотIун каратI бахъизе; ~ **ко́жу** тIом къотIизе, тIомода къотIун каратI бахъизе 2) (*пройти сквозь что-л.*) *сунданиги* гьоркьосан ине, къотIун ине; **желе́зная доро́га ~ла лес** маххул нухалъ рохь къо-тIана (рохь къотIун ана)

ПРОРЕЗА́ТЬ *несов. см.* **проре́зать**[1]

ПРОРЕ́ЗАТЬСЯ *сов. (о зубах)* раккун рачIине (*цаби);* рижун рачIине

ПРОРЕЗА́ТЬСЯ *несов. см.* **проре́заться**

ПРОРЕЗИ́НЕННЫЙ, -ая, -ое резин гьорлъ бугеб, резина-лъул хъал бугеб

ПРОРЕЗИ́ НИВАТЬ *несов. см.* **прорези́ нить**

ПРОРЕЗИ́НИТЬ *сов. что* резин гьорлъ бессизабизе; резиналъул хъал гьабизе; ~ **ткань** ххамида гьорлъ (лъамияб) резин бессизабизе

ПРОРЕЗН//О́Й, -ая, -ое (*с прорезом*) къотIун, сун гьабураб; **~ые карма́ны** сун гьарурал чунтби

ПРОРЕ́ЗЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **прорéзать(ся)**

ПРО́РЕЗЬ *ж* 1) (*отверстие*) добехун баккараб каратI 2) *разг. (резьба)* бикIун гьабураб накъищ 3) яргъил ишаналъул гIанлъиґ

ПРОРЕ́КТОР *м* проректор, ректорасул кумекчи, заместитель

ПРОРЕ́КТОРСКИЙ, -ая, -ое проректорасул

ПРОРЕПЕТИ́РОВАТЬ *сов. что* репетиция гьабизе; чанго репетиция гьабизе

ПРОРЕ́ХА *ж* 1) (*дыра*) каратI, бихъараб бакI 2) *перен. разг. (недостаток)* гIунгутIи 3) тIаждал рахалеб бакI

ПРОРЕЦЕНЗИ́РОВАТЬ *сов. что* рецензия хъвазе

ПРОРЖАВЕ́ТЬ *сов. (киса-кибего)* кьаву чIвазе, кьавуялъ хвезабизе

ПРОРИЦА́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **прорица́ть**) букIинесеб бицин **2**. (*предсказывание*) букIинесеб цебеккунго бицин

ПРОРИЦА́ТЕЛЬ *м* букIинесеб бицунев чи, балъголъи лъалев чи

ПРОРИЦА́ТЬ *несов. что* букIинесеб цебеккунго бицине

ПРОРО́К *м рел.* Авараг; букIинесеб лъалев чи

ПРОРОНИ́//ТЬ *сов. что* абизе; абун борчIизе; абуралде кIвар кьечIого тезе; **он не ~л ни сло́ва** гьес цо ргIицин абичIо

ПРОРО́ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое аварагасулаб; букIинесеб цебеккунго лъалеб; букIинеселда ракI чIараб

ПРОРО́ЧЕСТВО *с* 1) *рел.* авараглъи; балъголъи лъай 2) (*предсказание*) букIинесеб цебеккунго лъай (бицин)

ПРОРО́ЧИТЬ *сов. что* букIинесеб цебеккунго бицине

ПРОРУБА́ТЬ *несов. см.* **прорубиґ ть**

ПРОРУБИ́ТЬ *сов. что* 1) (*вырубить отверстие*) гIанлъун *сунцаниги* каратI бахъизе; **~ стену** къадалъ каратI бахъизе 2) (*образовать проход*) нух гьабизе (*гъутIби къотIун, регизарун*)

ПРО́РУБЬ *ж* (*гIорда, хIорда*) цIоролъ бахъараб каратI

ПРОРЫ́В *м* **1. (***по гл.* **прорва́ть**) тIезаби **2**. (*по гл.* **прорва́ться**) тIун ин **3**. (*прорванное место*) тIун араб бакI; **заде́лать ~ в плотиґне** сангаралда тIун араб бакI бацизе **4**. (*нарушение в ходе работ*) хIалтIаби гьоркьоса тIей, гьоркьор къотIи, заманалда тIубангутIи, нахъахутIи

ПРОРЫВА́ТЬ[1] *несов. см.* **прорва́ть**

ПРОРЫВА́ТЬ[2] *несов. см.* **прорыґ ть**[1]

ПРОРЫВА́ТЬСЯ *несов. см.* **прорва́ться**

ПРОРЫСИ́ ТЬ *сов.* рисуялда ине (*чода рекIун*)

ПРОРЫ́ТЬ *сов. что* 1) бухъизе; гьобогьун базе; **~ кана́ву** рахъ бахъизе; **~ го́ру** мегIер гьобогьун базе 2) (*некоторое время*) (*кигIаналиго мехалъ*) бухъизе

ПРОРЫ́ТЬСЯ *сов. (сквозь что-л.) (сунданиги гьоркьосан)* бухъун яги тIаде цуялъ нух лъугьине

ПРОРЫЧА́ТЬ *сов.* гIеризе *(ци, гьалбацI)*

ПРОСА́ЛИВАТЬ(СЯ)[1] *несов. см.* **проса́лить(ся)**

ПРОСА́ЛИВАТЬ(СЯ)[2] *несов. см.* **просоли́ ть(ся)**

ПРОСА́ЛИТЬ *сов. что* тIатIи бахине; беэнлъиялъ хвезабизе (хъуб гьабизе)

ПРОСА́ЛИТЬСЯ *сов.* беэнлъизе, тIатIи гьорлъ бессизе

ПРОСА́СЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **прососа́ть(ся)**

ПРОСА́ЧИВАНИЕ *с* (*по гл.* **просочи́ ться**) гьорлъан бецIцIи (*лъим)*

ПРОСА́ЧИВАТЬСЯ *несов. см.* **просочи́ ться**

ПРОСВА́ТАТЬ *сов. кого уст.* ригьнае ргIи кьезе; абизе

ПРОСВЕ́РЛИВАТЬ *несов. см.* **просверли́ ть**

ПРОСВЕРЛИ́ ТЬ *сов. что (рочохиналъ*) борлъизе; **~ до́ску** хъарци (*рочохиналъ*) борлъизе

ПРОСВЕ́Т *м* 1) *бецIаб бакIалда* канлъул чIва, тIанкI, чIор 2) *перен. (луч надежды)* лъикIаб хьул, божилъиялде хьул 3) (*ширина окна, двери*) гордуялъул, нуцIил гIеблъи 4) (*на погонах*) *погоназда (гъеждакIичIазда*) халаса бугеб мухъ

ПРОСВЕТИ́ ТЕЛЬ *м* лъай тIибитIизабулев чи

ПРОСВЕТИ́ ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое лъай тIибитIизабиялъул

ПРОСВЕТИ́ ТЕЛЬСКИЙ, -ая, -ое лъай тIибитIизабулесул

ПРОСВЕТИ́ ТЕЛЬСТВО *с* лъай тIибитIизаби

ПРОСВЕТИ́ТЬ[1] *сов. кого-что (сделать просвечивание*) канлъуде ккун, балагьизе; канлъи речIчIизабизе; гьорлъан канлъи биччазе; **~ кури́ное яйцо́** гIункIудал ханихъ, канлъуде ккун, ралагьизе

ПРОСВЕТИ́ТЬ[2] *сов. кого-что (сообщить кому-л. знания*) *лъие бугониги* лъай кьезе; **~ ма́ссы** халкъалъе лъай кьезе; лъай тIибитIизабизе

ПРОСВЕТИ́ ТЬСЯ *сов.* лъай щвезе

ПРОСВЕТЛЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **просветле́ть**) гвангъи, роцIин, кунчIи **2**. (*ясность сознания*) пикруялъул роцIин

ПРОСВЕТЛЕ́//ТЬ *сов.* 1) гвангъизе, кунчIизе; **не́бо ~ло** зоб гвангъун букIана 2) *перен. (стать радостным)* рохизе (гьу́рмал гвангъизе, роцIун ине) 3) *перен. (о сознании, мыслях*) пикру роцIине

ПРОСВЕЩА́ТЬ *несов. см.* **просвети́ ть**[2]

ПРОСВЕЩА́ТЬСЯ *несов. см.* **просвети́ ться**

ПРОСВЕЩЕ́НИ//Е *с* лъай кьей; **министе́рство** ~ лъай кьеялъул министерство

ПРОСВЕЩЁННОСТЬ *ж* лъай буголъи, культура буголъи

ПРОСВЕЩЁННЫЙ, -ая, -ое тIадегIанаб культура -лъай бугев; **~ челове́к** тIадегIанаб культура-лъай бугев чи

ПРОСВИСТЕ́//ТЬ *сов.* 1) (*издать свист*) гьищтIизе 2) *что (исполнить свистом)* гьищтIун бакъан бачине (гьищтIунаку бачине); **~ть марш** гьищтIун марш бачине 3) (*некоторое время*) *кигIаналиго заманалъ* гьещтIезе; **соловéй ~л всю ночь** булбул тIубараб сордоялъ гьещтIолеб (бакънал рачунеб) букIана

ПРО́СЕДЬ *ж* хъахIлъизе байбихьараб рас; бакI-бакIалда хъахIлъараб рас; бецIаб цIокоялда хъахIал мухъал

ПРОСЕ́ИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **просе́ять(ся)**

ПРО́СЕКА *ж* рохьоб гъутIбуздаса бацIцIад гьабураб чIоло

ПРОСЁЛОК *м* (*гIисинал росабазда гьоркьоб бугеб*) ракьул нух

ПРОСЕ́ЧЬ *сов. что кьабун* къотIизе; **~ сапо́г топоро́м** чакма гIощтIоца къотIизе

ПРОСЕ́ЯТЬ *сов. что* цIалкIизе; **~ муку́** ханжу цIалкIизе

ПРОСЕЯТЬСЯ *сов.* 1) цIалкIун бацIцIалъизе 2) (*просыпаться*) *кьватIелалъусан, картIинисан* гIодобе чвахизе (ине)

ПРОСИДЕ́ТЬ *сов.* 1) (*кигIаналиго заманалъ*) гIодов чIезе; **~ весь день за кни́гой** тIубараб къоялъ тIехь цIалулев вукIине; **~ весь вечер в гостя́х** тIубараб сордоялъ гьоболлъухъ вукIине (хутIизе) 2) (*отбывая наказание*) туснахьалда вукIине 3) *что разг.:* **~ брю́ки** тIажу хIулизегIан гIодов чIезе (гIемер гIодов чIеялъ тIажу багьиялде ккезабизе)

ПРОСИ́ ЖИВАТЬ *несов. см.* **просиде́ть**

ПРО́СИНЬ *ж* хъахIилсияб кьер; хъахIилабгун жубараб кьер

ПРОСИ́ТЕЛЬ *м уст. щибниги* гьарулев чи; гьарун вачIарав чи

ПРОСИ́ТЕЛЬНИЦА *ж щибниги* гьарулей гIадан; гьарун ячIарай гIадан

ПРОСИ́ТЬ *несов.* 1) *кого-что, чего, о ком-чем и с неопр.* гьаризе; **~ разреше́ния** изну гьаризе; **~ о по́мощи** кумек гьабеян гьаризе 2) *за кого (хлопотать) лъиениги гIоло* гьаризе 3) *кого-что и без доп. (приглашать)* ахIизе, вачIаян гьаризе 4) *что разг. (назначить цену)* чIезабизе *(багьа)* 5) *уст. (нищенствовать)* гьардохъанлъи гьабизе ◊ **~ руки́** *уст.* лъадилъун ячIаян гьаризе

ПРОСИЯ́ ТЬ *сов.* 1) (*начать сиять*) кунчIизе лъугьине 2) *перен. (стать радостным*) вохизе; рохелалъ гьумер гвангъизе

ПРОСКАКА́ТЬ *сов.* 1) *что и без доп. (проехать вскачь)* биччан (ункъиде кIанцIизабун) чугун, ине 2) (*переместиться прыжками)* кIанцIолаго церехун ине

ПРОСКА́КИВАТЬ *несов. см.* **проскочи́ ть**

ПРОСКА́ЛЬЗЫВАТЬ *несов. см.* **проскользну́ть**

ПРОСКВОЗИ́ТЬ *сов. безл.* 1) *кого-что* разг. добехун баккизабун борлъизе; борлъун добехун ине 2) гьури чIван квачазе (унтизе)

ПРОСКЛОНЯ́ТЬ *сов. что грам.* падежазде сверизабизе; **~ сло́во** ргIи падежазде сверизабизе

ПРОСКОЛЬЗНУ́ //ТЬ *сов.* 1) (*пройти незаметно*) вихьичIого ворчIизе 2) *перен. (чуть проявиться)* дагьабго загьирлъизе; **в его слова́х ~ло недово́льство** гьесул ргIабазулъ дагьабго разигьечIолъи загьирлъана

ПРОСКОЧИ́ //ТЬ *сов.* 1) *что и без доп. (пробежать, пройти, проехать)* хехго векеризе, ине, рекIун ине; векерун, лъелго, рекIун гьоркьосан (аскIосан) ворчIизе 2) (*проникнуть, пробраться*) жаниве ворчIизе 3) *разг.* хехго ине (*заман*) 4) кIвар гьечIо-

лъиялъ (бичча-бихъан теялъ) *кивениги* ккезе 5) *перен. разг. (напр. об ошибке) гъалатI* борчIизе (биччазе)

ПРОСКУЧА́ТЬ *сов.* ракI гьоларого вукIине; ~ **весь ве́чер** сордоялъ ракI гьоларого вукIине

ПРОСЛА́БИТЬ *сов. безл. кого* риххел щвезе, чехь лъамалъизе; **ребёнка ~ло** лъимаде риххел щун буго

ПРОСЛА́ВИТЬ *сов. кого-что* машгьурлъизавизе, цIар тIибитIизабизе (рагIизабизе)

ПРОСЛА́ВИТЬСЯ *сов.* машгьурлъизе, цIар тIибитIизе (рагIизе)

ПРОСЛАВЛЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **прослáвить**) машгьурлъизави, цIар тIибитIизаби (рагIизаби)

ПРОСЛА́ВЛЕННЫЙ, -ая, -ое машгьурав, цIар рагIарав; ~ **писа́тель** машгьурав хъвадарухъан

ПРОСЛАВЛЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **прослáвить(ся)**

ПРОСЛА́ИВАТЬ *несов см.* **прослои́ть**

ПРОСЛЕДИ́ ТЬ *сов.* 1) *кого-что (выследить)* хадуб хал кквезе 2) *за чем (иссследовать)* хал-шал гьабун балагьизе, лъазабизе

ПРОСЛЕ́ДОВАТЬ *сов. хадуб* ине *(гIедегIичIого, цо ккураб къагIидаялъ*)

ПРОСЛЕ́ЖИВАТЬ *несов. см.* **проследи́ ть**

ПРОСЛЕЗИ́ТЬСЯ *сов.* магIу баккизе, берал магIил цIезе, бадиб магIу хулизе

ПРОСЛОИ́ТЬ *сов. что, чем* гъата-гъатал гьарун лъезе, цоялда тIад цогияб сокIкIине

ПРОСЛОИ́ ТЬСЯ *сов.* гъатал лъугьине, гъатахине

ПРОСЛО́Й *м* гъат (*сунданиги гьоркьоб бугеб тIеренаб гъат*)

ПРОСЛО́ЙКА *ж* **1.** (*по гл.* **прослои́ ть**) гъатал гьари **2**. (*по гл.* **прослои́ться**) гъатал лъугьин **3.** (*слой*) гъат **4.** *перен. (группа)* жиндирго хаслъи бугеб гIадамазул цо къокъа

ПРОСЛУЖИ́ТЬ *сов.* 1) хъулухъалда *цо кигIаналиго заманалъ* вукIине (*цо кигIаналиго заманалъ* хъулухъ гьабизе); ~ **де́сять лет** анцIго соналъ хъулухъ гьабизе 2) (*пробыть в употреблении*) *кигIаналиго заманалъ* хIалтIизабулеб букIине

ПРОСЛУ́ ШАТЬ *сов.* 1) *кого-что* гIенеккизе; ~ **ле́кцию** лекциялъухъ гIенеккизе 2) *что мед.:* ~ **се́рдце** рекIехъ (рекIел кьабиялъухъ) гIенеккизе 3) *что и без доп. (пропустить*) рагIичIого хутIизе 4) *кого-что* (*кигIаналиго заманалъ*) гIенеккизе; ~ **весь ве́чер му́зыку** тIолабго сордоялъ музыкаялъухъ гIенеккизе

ПРОСЛУ́ ШИВАНИЕ *с* (*по гл.* **просл**у́**шивать**) гIенекки

ПРОСЛУ́ ШИВАТЬ *несов. см.* **просл**у́**шать**[1,2]

ПРОСЛЫ́ ТЬ *сов. кем-чем* машгьурлъизе, цIар тIибитIизе

ПРОСЛЫ́ШАТЬ *сов. что, о ком-чем разг.* бицунеб рагIун лъазе, бицунеб рагIизе; ~ *о чьих-л.* **успе́хах** *лъилниги* бергьен-лъабазул хIакъалъулъ бицунеб рагIизе

ПРОСМА́ЛИВАТЬ *несов. см.* **просмоли́ть**

ПРОСМА́ТРИВАТЬ *несов. см.* **просмотре́ть**

ПРОСМОЛИ́ ТЬ *сов. что* хъил бахине; ~ **ло́ду** росода хъил бахине

ПРОСМО́ТР *м* **1.** (*по гл.***просмотре́ть**) халгьаби, балагьи; ~ **но́вого фи́льма** цIияб фильмалъул халгьаби **2**. (*ошибка, упущение*) бихьичIого хутIараб (лъачIого борчIараб) гьалатI; биччабихъан тей

ПРОСМОТРЕ́ТЬ *сов.* 1) *что сундулниги* хIасилалъулгун лъай-хъвай гьабизе (*хал гьабун, цIалун*); ~ **газе́ты** газетазул халшал гьабизе 2) *кого-что (не заметить)* бихьичIого хутIизе; ~ **оши́бку** гъалатI бихьичIого хутIизе ◊ **все глаза́** ~ бер тIаса босичIого, щивниги вачIиналъухъ валагьун чIезе

ПРОСНУ́ //ТЬСЯ *сов.* 1) *перен. (ожить):* **го́род ~лся** шагьар (*макьидаса*) борчIана, чIаголъана 2) *перен. (о чувствах и т.п.)* загьирлъизе; рорчIизе

ПРО́СО *с* муч

ПРОСОБИРА́ТЬ *сов. что разг. (кигIаналиго заманалъ*) бакIаризе

ПРОСОБИРА́ТЬСЯ *сов. разг.* (*кигIаналиго заманалъ*) хIадурлъи гьабизе

ПРОСО́ВЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **просу́нуть(ся)**

ПРОСОЛИ́ ТЬ *сов. что* цIамхIаллъизабизе, гIемер цIан базе

ПРОСОЛИ́//ТЬСЯ *сов.* цIамхIаллъизе; **ры́ба ~лась** ччугIа цIамхIаллъун буго

ПРОСОРУ́ ШКА *ж* муч хъурулеб машина

ПРОСОСА́//ТЬ *сов. что* лъадаца кванан каратI бахъизе; **вода́ ~ла плоти́ну** лъадаца кванан сангаралда картIал рахъун руго (лъадаца сангар картIахинабун буго)

ПРОСОСА́ТЬСЯ *сов.* бесизе, гьорлъан бецIцIизе

ПРОСО́Х//НУТЬ *сов.* бакъвазе; **оде́жда ~ла** ретIел бакъван буго

ПРОСОЧИ́ //ТЬСЯ *сов.* 1) (*о жидкости*) гьорлъан бецIцIун бачIине, жанибе баккизе; **в ло́дку ~лась вода́** росонибе лъим баккулеб (бецIцIулеб) букIана 2) *перен. (распространиться)* тIибитIун ине 3) рихьиларедухъ гьаругьинан жанире лъугьине

ПРОСПА́ТЬ *сов.* 1) (*спать некоторое время*) *кигIаналиго заманалъ* кьижизе; ~ **три часа́** лъабго сагIаталъ кьижизе 2) *что и без доп.(не проснуться вовремя)* кьижун хутIизе, кватIун вор-чIизе; 3) *что (пропустить)* ворчIичIого гьоркьоб биччазе (бихьичIого хутIизе)

ПРОСПА́ТЬСЯ *сов. разг.* макьидаса хадув вигьине (*мехтарав*)

ПРОСПЕ́КТ[1] *м* проспект (*шагьаралда гIебаб кIудияб къватI*), гIатIидкъватI

ПРОСПЕ́КТ[2] *м* (*программа, план*) проспект; ~ **но́вого учёбника** цIиял цIалул тIехьалъул проспект

ПРОСПИРТОВА́ТЬ *сов.* спирталда гьорлъ лъезе, спирт гьорлъ босизабизе

ПРОСПИРТОВА́ТЬСЯ *сов.* спирт гьорлъ босизе

ПРОСПИРТО́ВЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **проспиртова́ть(ся)**

ПРОСПО́РИВАТЬ *несов. см.* **проспо́рить**[1]

ПРОСПО́РИТЬ *сов.* 1) *что (проиграть)* къецалъулъ къезе 2) (*некоторое время*) *кигIаналиго заманалъ* къацандизе; ~ **це́лый час** тIубараб сагIаталъ къацандизе

ПРОСПРЯГА́ТЬ *сов. что грам.* глагол гьумеразде, рикIкIеназде, заманазде… хисизабизе

ПРОСРО́ЧИВАТЬ *несов. см.* **просро́чить**

ПРОСРО́ЧИТЬ *сов. что* болжалалдаса кватIизабизе

ПРОСРО́ЧКА *ж* болжал нахъе бахъи, болжалалдаса кватIизаби

ПРОСТА́ВИТЬ *сов. что* хъвазе, лъезе; ~ **номера́** номерал лъезе; ~ **да́ту** къо-моцI лъезе (хъвазе)

ПРОСТАВЛЯ́ ТЬ *несов. см.* **проста́вить**

ПРОСТА́ИВАТЬ *несов. см.* **простоя́ ть**

ПРОСТА́К *м разг.* гьили-гьала, бица-бицаралда божулев чи, рекIелъ гъиз гьечIев, танкач

ПРОСТЕГА́ТЬ *сов. что* квар базе, чIахIаго букъизе; ~ **одея́ло** юргьаналда квар базе

ПРОСТЁГИВАТЬ *несов. см.* **простега́ть**

ПРОСТЕ́НОК *м* гордазда, нуцIбузда гьоркьоб бугеб къед (гьоркьокъед)

ПРОСТЕРЕ́ТЬ *сов. что книжн.* 1) кверал (гъуждул) цо рахъалде ритIизе (гIебеде ритIизе) 2) *перен.* тIибитIизабизе; *кинаб букIаниги* гIорхъоде щвезабизе ◊ ~ **объя́тия** къвал базе, каранде къазе кверал гIебеде ритIизе

ПРОСТЕРЕ́ТЬСЯ *сов.* 1) (*распространиться*) тIибитIун ине 2) (*протянуться*) цо рахъалде цIан ине (*кверал*)

ПРОСТЕ́ЦКИЙ, -ая, -ое *разг.* цIакъго гIадатияв; сихIирлъи гьечIев, ракIалдакквел гьечIев

ПРОСТИРА́ТЬ[1] *несов. см.* **простере́ть**

ПРОСТИРА́ТЬ[2] *сов. что разг. (выстирать*) чуризе (*ретIелкун, бусен-къайи*)

ПРОСТИРА́ТЬСЯ *несов. см.* **простере́ться**

ПРОСТИРНУ́ ТЬ *сов. что разг.* тIаса-масаго чуризе

ПРОСТИ́ РЫВАТЬ *несов. см.* **простира́ть**[2]

ПРОСТИ́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое тIаса лъугьине бегьулеб; **~ая оши́бка** тIаса лъугьине бегьулеб гьалатI

ПРОСТИТУ́ТКА *ж* хъахIба

ПРОСТИТУ́ЦИЯ *ж* хъахIбалъи

ПРОСТ//И́ ТЬ 1) *кого-что* тIаса лъугьине; **~ить вину́** гIайибалда тIаса лъугьине; 2) *кто кому* тIаса лъугьун тезе; **~ить долг** налъи тIаса лъугьун тезе 3) *повел. накл. (форма вежливого обращения):* **~и(те)** тIаса лъугьа; **вы, ~и́ те, незде́шний?** тIаса лъугьа, мун гьаниса кколаревищ (гуревищ?)

ПРОСТИ́ТЬСЯ *сов. с кем-чем* 1) къо-мех лъикI гьабизе; ~ **пе́ред разлу́кой** ратIалъилалде къо-мех лъикI гьабизе 2) (*по-*

кинуть что-л.) хьул къотIун тезе; ~ **с мечто́й** анищалдаса хьул къотIизе 3) (*отказаться от чего-л.) сундасаниги* инкар гьабизе

ПРО́СТО 1. *нареч.* бигьаго, гIадатго **2**. *в знач. частицы*: 1) (*совершенно*) унго-унгоги; ~ **не́чего делать** унго-унгоги, тIубанго щибниги гьабизе жо гьечIо 2) (*лишь, только*): **это ~ ложь!** гьеб буго цохIого-цо гьереси ◊ ~ **так** гьадинго; кинаб букIаниги гIилла, мурад, къасд гьечIого

ПРОСТОВА́ТЫЙ, -ая, -ое *разг.* гIадатияв махIав; сихIирлъи гьечIев, щайтIан рекIелъ гьечIев; гъварилъи гьечIев

ПРОСТОВОЛО́СЫЙ, -ая, -ое *разг.* бетIер гIицIав (бетIералда тIагъур гьечIев)

ПРОСТОДУ́ ШИЕ *с* сихIирлъи гьечIолъи; хехго божи

ПРОСТОДУ́ ШНЫЙ, -ая, -ое сихIирлъи гьечIев; хехго божулев

ПРОСТ//О́Й[1], -ая, -ое 1) (*элементарный*) гIадатияб; **~о́е предложе́ние** гIадатаб предложение 2) (*несложный*) бигьаяб; **~а́я зада́ча** бигьаяб масъала 3) (*незатейливый*) гIадатаб; **~ая обстано́вка** гIадатаб ахIвал-хIал 4) (*обыкновенный*) гIадатияв; **~о́й сме́ртный** гIадатияв хвезе вижарав чи 5) (*бесхитростный*) хIилла-рекIкI лъаларев 6) (*наивный, недалекий*) дагьав тIад арав, гъварилъи гьечIев

ПРОСТО́Й[2] *м* чара гьечIеб чIунхутIи; ракIалдаго гьечIеб чIунхутIи; ~ **в рабо́те** хIалтIулъ (ракIалдаго гьечIеб) чIунхутIи; ~ **маши́ ны** машина хIалтIичIого чIун хутIи

ПРОСТОКВА́ША *ж* бетараб рахь (бетарахь)

ПРОСТОЛЮДИ́Н *м* гIадатиял гIадамазда гьоркьоса чи (*хIалтIухъан, векьарухъан)*

ПРОСТОНАРО́ДН//ЫЙ, -ая, -ое *уст.* гIадатияб халкъа-лъул(аб); **~ая речь** гIадатияб халкъалъул мацI

ПРОСТОНАРО́ДЬЕ *с уст.* гIадатияб халкъ

ПРОСТОНА́//ТЬ *сов.* 1) (*издать стон*) угьдизе 2) (*некоторое время*) *кигIаналиго механалъ* угьдизе; **больно́й ~л всю ночь** унтарав сордоялъго угьдулев вукIана

ПРОСТО́Р *м* 1) (*пространство*) бакI, гIатIилъи; **степно́й** ~ авлахъалъул гIатIилъи 2) (*свобода, раздолье*) эркенлъи, гIатIилъи

ПРОСТОРЕ́ЧИЕ *с лингв.* литературияб гуреб, гIадатияб мацI (калам)

ПРОСТО́РНЫЙ, -ая, -ое гIатIидаб, эркенаб

ПРОСТОСЕРДЕ́ЧИЕ *с* ракI бацIцIалъи, хIилла-рекIкI гьечIолъи, рекIелъ хъублъи гьечIолъи

ПРОСТОСЕРДЕ́ЧНЫЙ, -ая, -ое ракI бацIцIадав, рекIелъ хъублъи гьечIев, хIилла-рекIкI гьечIев

ПРОСТОТА́ *ж* 1) (*несложность*) гIадатлъи; ~ **оде́жды** ратIлил гIадатлъи 2) (*простодушие*) ракI бацIцIалъи, рекIелъ гъиз гьечIолъи

ПРОСТОФИ́ ЛЯ *м, ж разг.* тохав, гIантав чи; ахIмакъ

ПРОСТОЯ́ //ТЬ *сов.* 1) вахъун чIун вукIине; **~ть у окна́ до утра́** радаллъагIан горда аскIов (гордухъ) вахъун чIун вукIине; **по́езд ~л на ста́нции полчаса́** станциялда поезд бащдаб сагIаталъ чIун букIана 2) (*пробыть в бездействии*) хIалтIичIого (чIун) букIине 3) *кигIаналиго заманалъ* хвечIого, биххичIого букIине (хутIизе)

ПРОСТРА́ГИВАТЬ *несов. см.* **простога́ть**[1]

ПРОСТРА́ННО *нар.* гIатIидго, мухIканго

ПРОСТРА́ННЫЙ, -ая, -ое 1) (*обширный*) кIудияб, гIатIидаб 2) (*подробный*) рагIа-ракьан бахъараб, мухIканаб

ПРОСТРАНСТВ//О *с* 1) гIатIилъи (*гIурхъи гьечIеб*); **~о и вре́мя** *филос.* гIатIилъи ва заман 2) бакI; **возду́шное ~о** гьава бугеб бакI 3) (**террито́рия**) ракь, бакI; **на се́вере огро́мные ~а покры́ ты лесом** севералда кIудиял ракьал (бакIал) рохьаз рацун руго

ПРОСТРЕ́Л *м разг.* цIалкIугьодалъул нервабазул унти (люмбаго)

ПРОСТРЕ́ЛИВАТЬ *несов. см.* **прострели́ть**

ПРОСТРЕЛИ́ТЬ *сов. кого-что* речIчIун (кьвагьун) добехун борлъизе, кIиборлъизе

ПРОСТРИГА́ТЬ *несов. см.* **простри́ чь**

ПРОСТРИ́ЧЬ *сов. что* къунцIун рас-квасалдаса бацIцIад гьабизе

ПРОСТРОГА́ТЬ *сов. что* 1) тIолалдаго сургу тIамизе 2) (*некоторое время*) (*кигIаналиго механалъ*) сургу тIамизе (бахъизе)

ПРОСТУ́ ДА *ж* квачан унти, квачалъул унти

ПРОСТУДИ́ТЬ *сов. кого-что* квачазабизе, цIорозабизе; ~ **го́рло** щекъер квачазабизе (квачан унтизабизе)

ПРОСТУДИ́ ТЬСЯ *сов.* квачан унтизе

ПРОСТУ́ ДНЫЙ, -ая, -ое квачалдасан ккараб (*унти)*

ПРОСТУЖА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **простуди́ ть(ся)**

ПРОСТУ́ ЖЕННЫЙ, -ая, -ое квачан (квач хъван) унтарав

ПРОСТУПА́ТЬ *несов. см.* **проступи́ ть**

ПРОСТУПИ́ //ТЬ *сов.* 1) (*просочиться*) къватIибе баккизе 2) (*показаться*) бихьизе, ратIа рахъизе лъазе; **в тума́не ~ли очерта́ния корабля́** накIкIида гьорлъан гамил сурат бихьулеб (батIа бахъизе лъалеб) букIана

ПРОСТУ́ ПОК *м* такъсир, мунагь; **соверши́ ть** ~ мунагь гьабизе

ПРОСТЫ́ НКА *ж уменьш. от* **простыня́**

ПРОСТЫ́НН//ЫЙ, -ая, -ое шаршавалъул; **~ое полотно́** шаршавал гьарулеб хIебет (хъахIаб ххам)

ПРОСТЫНЯ́ *ж* шаршав

ПРОСТЫ́ //ТЬ *сов. прост.* 1) цIорозе; **суп ~л** чурпа цIорона 2) (*простудиться)* квачан (квач хъван) унтизе ◊ **его́ и след ~л** гьесул лъалкIгицин лъугIана (тIагIана); тIурана; вахчана; билана, тIагIана

ПРОСУ́ НУТЬ *сов. кого-что* бугIизе, къазабизе, бегьизе

ПРОСУ́НУ//ТЬСЯ *сов.* бегьун, баккун бачIине; **в дверь ~лась чья́-то голова́** нуцIихъан баккун бачIана цо лъилалиго бетIер

ПРОСУ́ ШИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **просуши́ ться**

ПРОСУШИ́ТЬ *сов. что* лъикI бакъвазабизе, бакъвад хьезабизе

ПРОСУШИ́ ТЬСЯ *сов.* бакъван ине, бакъвазе

ПРОСУЩЕСТВОВА́ТЬ *сов.* бетIербахъи гьабизе; букIине

ПРОСЧЁТ *м* **1.** (*по гл.* **просчита́ть**) хIисаб гьаби, рикIкIин **2**. (*по гл.* **просчита́ться**) хIисабалъулъ, рикIкIиналъулъ ккараб гьалатI **3**. къасдалъулъ, нияталъулъ мекъи ккей

ПРОСЧИТА́ТЬ *сов.* 1) *что разг.* рикIкIине, хIисаб гьабизе; ~ **де́ньги** гIарац рикIкIине 2) (*ошибиться при счете*) рикIкIунаго, хIисаб гьабулаго, гьалатI ккезе 3) (*считать некоторое время*) *кигIаналиго заманалъ* рикIкIине

ПРОСЧИТА́ТЬСЯ *сов.* 1) (*передать лишнее*) цIикIун кьезе (*хIисабалъулъ гьалатI ккун*) 2) (*промахнуться*) мекъса ккезе

ПРОСЧИ́ ТЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **просчита́ться**

ПРО́СЫП *м*: ◊ **без ~у** ворчIичIого *(кьижаралъуса);* вигьинчIого *(мехталидаса)*

ПРОСЫ́ПАТЬ *сов. что* лъачIого гIодобе базе (щвазе, чвахххизабизе); ~ **мукý на́ пол** ханжу чIарбиде щвазе

ПРОСЫПА́ТЬ[1] *несов. см.* **проспа́ть**

ПРОСЫПА́ТЬ[2] *несов. см.* **просы́ пать**

ПРОСЫ́ ПАТЬСЯ *сов.* гIодобе гъине, гIодобе ине

ПРОСЫПА́ТЬСЯ[1] *несов. см.* **проснýться**

ПРОСЫПА́ТЬСЯ[2] *несов. см.* **просы́ паться**

ПРОСЫХА́ТЬ *несов. см.* **просо́хнуть**

ПРО́СЬБ//А *ж* гьари; **по** *чьей-л.* **~е** *лъил бугониги (лъилалиго)* гьариялда рекъон

ПРОСЯН//О́Й, -ая, -ое мочол, мучалъул гьабураб; **~о́е по́ле** мочол хур; **~а́я соло́ма** мочол сум

ПРОСЯ́ ЩИЙ, -ая, -ее гьарулев; гьари бихьизабулеб

ПРОТА́ИВАТЬ *несов. см.* **прота́ять**

ПРОТА́ЛИНА *ж* гIазуги биун ракь цебе лъураб бакI (гIазу биараб бакI)

ПРОТА́ЛКИВАТЬ *несов. см.* **протолка́ть, протолкну́ть**

ПРОТА́ЛКИВАТЬСЯ *несов. см.* **протолка́ться**[1]

ПРОТАНЦЕВА́ТЬ *сов. что* 1) кьурди гьабизе 2) *и без доп. (некоторое время*) кьурдизе (*кигIаналиго заманалъ*)

ПРОТА́ПЛИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **протопи́ ть(ся)**

ПРОТА́ПТЫВАТЬ *несов. см.* **протопта́ть**

ПРОТАРА́НИВАТЬ *несов. см.* **протара́нить**

ПРОТАРА́НИТЬ *сов. что* речIчIизабун добехун борлъизе; речIчIизабизе

ПРОТАСКА́ТЬ *сов.* 1) *кого-что разг.* (*кигIаналиго мехалъ)* баччизе; ~ **но́шу** гьир баччизе 2) *что прост.* ретIине; ~ **пальто́ два го́да** пальто кIиго соналъ ретIине

ПРОТА́СКИВАТЬ *несов. см.* **протащи́ ть**

ПРОТА́ЧИВАТЬ *несов. см.* **проточи́ ть**

ПРОТАЩИ́ ТЬ *сов. кого-что* 1) (*переместить волоком*) бехъерхъизе, хадуб цIан бачине 2) (*пронести через что-л.*) *сунданиги* тIасан босизе 3) *перен. разг.* бегьулареб, лъаларе́б куцалъ *щивниги кивениги* ворчIизавизе (*щибниги кибениги* борчIизабизе); ~ **в институ́т** бегьулареб куцалъ институталде ворчIизавизе 4) *перен. разг. (подвергнуть критике)* критика гьабизе, цIа-цIазе

ПРОТА́Я//ТЬ *сов.* биине; **снег ~л до земли́** гIазу ракьде щвезегIан биана

ПРОТЕ́З *м* протез (*къотIараб, камураб лага-саналъул бакIалда гьабун лъураб лага, сан)*

ПРОТЕЗИ́РОВАТЬ *сов. и несов. что* протез лъезе, гьабизе; камураб лага гьабун лъезе *(гIусал, квер, бох...)*

ПРОТЕ́ЗН//ЫЙ, -ая, -ое протезалъул(аб); **~ая мастерска́я** протезазул мастерская, протезал гьарулеб мастерская

ПРОТЕКА́//ТЬ *несов.* 1) (*о реке, ручье*) чвахизе 2) (*просачиваться*) жанибе бачIине; **вода́ ~ет в ло́дку** лъим росонибе бачIунеб (бецIцIулеб) буго 3) (*пропускать воду*) лъим биччазе 4) *перен. (пройти, миновать – о времени)* ине; **вре́мя ~ет о́чень бы́стро** заман цIакъ хехго унеб буго; **боле́знь ~ет без осложне́ний** унти бигьаго (тIаде цIикIкIинчIого) унеб буго

ПРОТЕ́КТОР *м* протектор (*1 лъилниги рахъ кколев чи, лъиениги квербакъи гьабулев чи; 2 машинаялъул покрышкадул бицатаб тIад расенги бугеб бутIа)*

ПРОТЕ́КЦИ//Я *ж* рахъкквей, хIалае вахъин; лъай-хъваялъул нухалдалъун иш гьаби; **оказа́ть ~ю** *кому-л. лъие букIаниги* хIалае вахъине, рахъ кквезе (*лъилниги*)

ПРОТЕРЕ́ТЬ *сов. что* 1) (*продырявить)* картIахинабизе, багьизабизе *(гIемер лъулъан)* 2) (*очистить*) бацIцIад гьабизе 3) (*через сито и т.п.*) цIалкIинисан биччазе *(лъулъан, тIаде цун)* ◊ ~ **глаза́** а) макьидаса вигьине б) рекIеде вачIине в) гIадада хвезабизе (*гIарац*)

ПРОТ//ЕРЕ́ТЬСЯ *сов.* ретIун багьизе, тIеренлъизе; **подо́шва ~ёрлась** тIикъва багьун буго

ПРОТЁРТЫЙ, -ая, -ое хIарараб

ПРОТЕ́СТ *м* 1) (*возражение*) разилъунгутIи, дандечIей, тIадкIалъай 2) *юр. кинаб бугониги* хIукмуялда официалияб куцалъ разилъунгутIи загьир гьаби

ПРОТЕСТА́НТ *м* протестант (протестантизмалъул рахъ ккурав чи)

ПРОТЕСТАНТИ́ЗМ *м* христиан диналъул аслиял масгьабазул цояб

ПРОТЕСТА́НТКА *ж* протестантка

ПРОТЕСТА́НТСКИЙ, -ая, -ое протестантазул

ПРОТЕ́ЧЬ *сов. см.* **протека́ть**

ПРО́ТИВ 1. *предлог с род. п.* 1) (*напротив*) дандбитIун; ~ **до́ма** рукъалда дандбитIун 2) (*навстречу)* данде; **идти́ ~ ве́тра** гьорода данде ине; **плыть ~ течения** чвахиялда данде лъедезе 3) (*для борьбы с кем-чем-л.)* данде; **лека́рство ~ ка́шля** хIалцада данде дару 4) (*по сравнению*) данде ккун; **рост дохо́да про́тив про́шлого го́да** араб соналда данде ккун хайир цIикIкIин 2) *в знач. сказ.* данде (вуго): **я ~** дун данде вуго

ПРО́ТИВЕНЬ *м бежизе, гIанкизе, боркьизе хIалтIизабулеб* тIеренаб цIоп (зайдан)

ПРОТИВИ́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое: ~ **сою́з** *грам.* дандеккунгутIиялъул союз

ПРОТИ́ ВИТЬСЯ *сов. кому-чему* данде чIезе, инкар гьабизе

ПРОТИ́ ВНИК *м* 1) (*враг*) тушман 2) (*соперник*) дандеяв

ПРОТИ́ ВНИЦА *ж* 1) тушман 2) дандеяй

ПРОТИ́ ВНО *нареч.* рокьукъго

ПРОТИ́ВН//ЫЙ[1]**,** -ая, -ое **I**. 1) (*противоположный*) данде бугеб, дандеяб; **~ая сторона́** дандеяб рахъ 2) (*враждебный, противоречащий*) тушманаб, данде кколареб **2**. *в знач. сущ.* **~ое** гIаксаб

ПРОТИ́ ВНЫЙ[2]**,** -ая, -ое (*неприятный*) рокьукъаб, квешаб; **~ вкус** квешаб тIагIам; ~ **за́пах** рокьукъаб махI

ПРОТИВОА́ТОМНЫЙ, -ая, -ое атомалъул яргъида данде бугеб

ПРОТИВОБО́РСТВО *с* дандечIей, къеркьей

ПРОТИВОБО́РСТВОВАТЬ *несов. кому-чему уст.* данде чIезе, дандечIей гьабизе, къеркьезе

ПРОТИВОВОЗДУ́ ШН//ЫЙ, -ая, -ое тушманасул авиацияда, гьаваялдасан гьужумалда данде къеркьолеб

ПРОТИВОГА́З *м* противогаз (*загьруял газаздаса цIунизе хколеб маска)*

ПРОТИВОДЕ́ЙСТВИЕ *с* дандечIей, данде чIун гьабулеб иш; **ока́зывать ~** дандечIей гьабизе

ПРОТИВОДЕ́ЙСТВОВАТЬ *несов. кому-чему* данде чIезе, данде чIун иш гьабизе

ПРОТИВОДЕФТЕРИ́ЙНЫЙ, -ая, -ое дефтериялда данде хIалтIизабулеб

ПРОТИВОЕСТЕ́СТВЕННЫЙ, -ая, -ое тIабигIаталда бугелда данде кколареб; тIабигIияб гуреб

ПРОТИВОЗАКО́ННО *нареч.* законалда данде кколареб куцалъ

ПРОТИВОЗАКО́ННОСТЬ *ж* законалда данде ккунгутIи

ПРОТИВОЗАКО́ННЫЙ, -ая, -ое законалда данде кколареб, законалда данде чIараб

ПРОТИВОЛЕЖА́ЩИЙ, -ая, -ое дандбитIун бугеб; ~ **у́гол** *мат.* дандбитIун бугеб бокIон

ПРОТИВОМАЛЯРИ́ ЙНЫЙ, -ая, -ое бакъул унтиялда данде хIалтIизабулеб

ПРОТИВООБЩЕ́СТВЕННЫЙ: -ая, -ое обществоялда (жамагIаталда) данде чIараб

ПРОТИВОПОЖА́РН//ЫЙ, -ая, -ое цIаккеялда данде *яги* цIадуда данде хIалтIизабулеб; **~ые мероприя́тия** цIаккеялда данде гьарулел тадбирал

ПРОТИВОПОКАЗА́НИЕ *с* 1) *юр.* цояс бицаралда данде кколареб жо 2) *мед. кинаб букIаниги* дару хIалтIизабиялъул зарар, дару дандеккунгутIи бихьизабулеб гIаламат

ПРОТИВОПОКА́ЗАННЫЙ, -ая, -ое *мед.* зарараб, хIалтIизабизе бегьулареб

ПРОТИВОПОЛАГА́ТЬ *несов. см.* **противоположи́ ть**

ПРОТИВОПОЛОЖЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **противоположи́ть**) 1) данделъей 2) дандекквей

ПРОТИВОПОЛОЖИ́ ТЬ *сов. см.* **противопоста́вить**

ПРОТИВОПОЛО́ЖНОСТЬ *ж* 1) (*различие*) батIалъи; ~ **взгля́дов** пикрабазул батIалъи 2) (*нечто несходное*) релълъен гьечIолъи 3) *филос.* дандеккунгутIи

ПРОТИВОПОЛО́ЖН//ЫЙ, -ая, -ое 1) *(расположенный напротив*) дандбитIун бугеб; гIаксаб рахъалде унеб 2) (*несходный*) релълъинчIеб; **~ое мне́ние** данде кколареб пикру

ПРОТИВОПОСТА́ВИТЬ *сов. кого-что кому-чему* 1) (*сравнить)* данде кквезе, данде лъезе 2) (*направить против*) данде балагьизабизе

ПРОТИВОПОСТАВЛЕ́НИЕ *с* 1) (*сравнение*) дандекквей, данделъей 2) (*выставление против*) данде балагьизаби

ПРОТИВОПОСТАВЛЯ́ ТЬ *несов. см.* **противопоста́вить**

ПРОТИВОРАКЕ́ТНЫЙ, -ая, -ое ракета-ярагъалдаса цIунизе (данде) хIалтIизабулеб

ПРОТИВОРЕЧИ́ВОСТЬ *ж* дандеккунгутIи; ~ **показа́ний** рицарал, рихьизарурал жалазул дандеккунгутIи

ПРОТИВОРЕЧИ́ В//ЫЙ, -ая, -ое данде кколареб, цоцазе гIаксаб; **~ые све́дения** данде кколарел баянал

ПРОТИВОРЕ́ЧИ//Е *с* дандеккунгутIи; ~ **во взгля́дах** пикрабазулъ дандеккунгутIи; **он не те́рпит ~й** гьес дандеккунгутIиял хIехьоларо; **непримири́мые кла́ссовые ~я** рекъел гьечIел классовиял дандеккунгутIиял

ПРОТИВОРЕ́Ч//ИТЬ *несов.* 1) *кому (возражать)* данде чIезе, разилъунгутIизе 2) *чему (не соответствовать)* данде ккунгутIизе, гIаксалда ккезе; **э́ ти сообще́ния ~ат друг дру́гу** гьел лъазабиял цоцазда данде кколел гьечIо, цоцазе гIаксал руго

ПРОТИВОСТОЯ́ТЬ *несов. кому-чему* 1) (*сопротивляться*) данде чIезе; ~ **врагу́** тушманасда данде чIезе 2) (*находиться в противоречии с чем-л.*) инкар кквезе, инкар гьабизе

ПРОТИВОТА́НКОВЫЙ, -ая, -ое (*тушманасул*) танказда данде (*къеркьезе*) хIалтIизабулеб

ПРОТИВОТУБЕРКУЛЁЗНЫЙ, -ая, -ое туберкулезалда данде (гьеб сахлъизабизе) хIалтIизабулеб

ПРОТИВОХИМИ́ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое химиялъулаб яра-гъалда данде хIалтIизабулеб

ПРОТИВОЦИНГО́ТНЫЙ, -ая, -ое цинга унтиялда данде (гьеб сахлъизабизе) хIалтIизабулеб

ПРОТИВОЯ́ДИЕ *с* загьруялда данде дару

ПРОТИРА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **протере́ть(ся)**

ПРОТИ́СКАТЬСЯ *сов. разг. см.* **проти́снуться**

ПРОТИ́СКИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **проти́снуться**

ПРОТИ́СНУТЬ *сов. кого-что куда разг.* гьоркьоб къазабизе, гьоркьобе бегьизе

ПРОТИ́СНУТЬСЯ *сов. кивениги* ворчIизе, гьоркьосан нух бахъизе (*хIалица*); ~ **вперёд** хIалица цебехун нух бахъизе

ПРОТКНУ́ТЬ *сов. кого-что* тункун борлъизе, каратI бахъизе

ПРОТО́К *м* 1) гIаркьел *(гIурул, лъарал)* 2) *анат.* тIеренаб канал, мащу; **желчный** ~ ццидал мащу (*ццин жанисан хьвадулеб мащу, рихь*)

ПРОТОКО́Л *м* протокол; ~ **допро́са** суравалъул протокол

ПРОТОКОЛИ́РОВАТЬ *сов. и несов. что* протокол хьвазе

ПРОТОКО́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое 1) протоколалъул 2) (*сжатый*) къокъаб, къокъ гьабураб

ПРОТОЛКА́ТЬ *сов. кого-что* тунк-тункун жанибе инабизе, жаниб къазабизе

ПРОТОЛКА́ТЬСЯ *сов.* 1) *разг. (пролезть*) сверухъе ругелги тункулаго, гьоркьосан нух бахъизе; руккалида гьоркьосан нух бахъизе 2) *прост. (некоторое время) кигIаналиго заманалъ* гIадамазул руккалилъ вукIине; ~ **до вéчера на у́лице** къасилъагIан къотIнов гIадамазул руккалилъ вукIине

ПРОТОЛКНУ́ТЬ *сов.* 1) *кого-что* тункун цебегIан къазабизе; тункун жанибе бортизабизе 2) *что перен. разг. (ускорить)* хехлъизабизе

ПРОТО́Н *м физ.* протон

ПРОТОПИ́ТЬ *сов.* 1) *что* лъикI боркьизе; ~ **печь** печь лъикI боркьизе 2) *что и без доп. (некоторое время) кигIаналиго заманалъ* боркьизе

ПРОТОПИ́//ТЬСЯ *сов.* багIаризе; **печь ещё не ~лась** печь жеги багIарун гьечIо

ПРОТОПТА́ТЬ *сов. что* 1) мерхьине; гIемер мерхьун, сухъмахъ лъугьинабизе 2) *разг. (протереть ходьбой)* гIемер хьвадун, чIикIизабизе, багьизабизе; ~ **подме́тки** гIемер хьвадун тIукъби рагьизаризе, чIикIизаризе

ПРОТОРГОВА́ТЬ *сов.* 1) *что и без доп. разг.* даран гьабулаго зарал ккезе, дармица къезе 2) *чем и без доп. (некоторое время) кигIаналиго мехалъ* даран гьабизе (гьабулев вукIине); ~ **це́лый день** тIубараб къоялъ даран гьабизе

ПРОТОРГОВА́ТЬСЯ *сов. разг. (потерпеть убытки)* дармица зарал кьезе; *лъилгунниги* даран гьабулаго заман инабизе

ПРОТОРЁНН//ЫЙ, -ая,-ое 1) бокъинабураб; **~ая доро́жка** бокьинабураб (бокъинабун лъугьараб) нух 2) *перен.* ругьунаб, низамалде ккараб

ПРОТОРИ́ТЬ *сов. что* бокъинабизе; ~ **доро́жку** нух бокъинабизе

ПРОТОРЯ́ТЬ *несов. см.* **протори́ть**

ПРОТОТИ́П *м* прототип (*литературияб образ гIуцIулаго, жиндасан сипат-сурат босарав чи)*; тIоцебесеб, байбихьулеб, мисалалъе босараб

ПРОТО́ЧИНА *ж* (*скважина*) хIутIаз кванан лъугьараб каратI; лъеца кванан лъугьараб къваридаб каратI; чуязул, гьабзазул надалдаса кIветIалде щвезегIан унеб расул хъахIаб чIва

ПРОТОЧИ́//ТЬ *сов. что* 1) ххине, кваназе; **жучо́к ~л ме́бель** мебель хIапараялъ кванан буго 2) *тех.* чархида кквезе, тIеренаб рахъ бахъизе, каратI бахъизе 3) (*промыть – о воде*) лъеца чурун (кванан) ракьулъ каратI бахъизе

ПРОТО́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое унеб, чвахулеб; **~ая вода́** чвахулеб лъим

ПРОТРА́ВА *ж* релъен (краска) кквезе гьоркь бахунеб химиялъул препарат

ПРОТРАВИ́ТЬ *сов. что* 1) (*кислотой*) бухIизабизе, бухIизабун лъугьинабизе; ~ **узо́р на мета́лле** металлалда бухIизабун (кваназабун) расен лъугьинабизе 2) гIазабги кьун чан борчIизе биччазе

ПРОТРА́ВЛИВАТЬ *несов. см.* **протрави́ть**

ПРОТРЕЗВЕ́ТЬ *сов. см.* **протрезви́ться**

ПРОТРЕЗВИ́ТЬ *сов. кого* вигьинавизе (*мехтарав чи*); рекIеда ватизавизе

ПРОТРЕЗВИ́ТЬСЯ *сов.* вигьине; рекIеда ватизе

ПРОТРЕЗВЛЕ́НИЕ *с* **I**. (*по гл.* **протрезви́ть**) вигьинави; рекIеда ватизави **2.** (*по гл.* **протрезви́ть(ся)** вигьин; рекIеда вати

ПРОТРЕЗВЛЯ́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **протрезви́ть(ся)**

ПРОТРУБИ́ТЬ *сов. что и без доп.* накъира (труба) пузе; *перен.* хабар тIибитIизабизе ◊ ~ **у́ши** цого жо бицун, чIалгIинабизе

ПРОТУХА́ТЬ *несов. см.* **проту́хнуть**

ПРОТУ́ХНУТЬ *сов.* махI бахъине, махIцине

ПРОТЫКА́ТЬ *несов. см.* **проткну́ть(ся)**

ПРОТЯ́ГИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **протяну́ть(ся)**

ПРОТЯЖЁНИ//Е *с* 1) (*расстояние*) манзил; **~е в длину́** халалъухъе бугеб манзил; **~е в ширину́** гIеблъухъе бугеб манзил 2) (*промежуток времени*) заман, болжал; **на ~и ме́сяца** моцIил болжалалда

ПРОТЯЖЁННОСТЬ *ж* халалъи

ПРОТЯ́ЖНЫЙ, -ая, -ое халат бахъараб; ~ **звук** халат бахъараб гьаракь

ПРОТЯНУ́ТЬ *сов.* 1) *что (натянуть)* цIазе; ~ **верёвку для белья́** бусадул къайи-къоноялъе квар цIазе 2) *что (провести)* бачине; ~ **телефо́н** телефон бачине 3) *что (вытянуть)* гIебеде битIизе; ~ **ру́ки** кверал гIебеде ритIизе 4) *кого-что (поднести)* кьезе; ~ *кому-л.* **кни́гу** лъихъе бугониги тIехь кьезе 5) *что разг. (затянуть, продлить):* ~ **вре́мя** заман халат бахъинабизе; ~ **де́ло** иш халат бахъинабизе 6) *разг. (прожить)* чIаго вукIине, гIумру гьабизе; **он до́лго не протя́нет** гьес гIемераб мехалъ гIумру гьабиларо

ПРОУ́ЧИВАТЬ *несов. см.* **проучи́ть**[1]

ПРОУЧИ́ТЬ 1) *кого разг.* (*наказа́ть*) дарс кьезе, тамихI, гIадлу гьабизе 2) *что* лъазаризе; ~ **уро́ки** дарсал лъазаризе (*кигIаналиго заманалъ*)

ПРОУЧИ́ТЬСЯ *сов.* цIалулев вукIине, цIалдезе; ~ **во́семь лет** микьго соналъ цIалдезе

ПРОУ́ШИНА *ж* лъор (*гIоцIол*), каратI, рорлъи

ПРОФА́Н *м* жагьилчи, лъавукъ; *кинаб бугониги* иш, предмет бичIчIуларев чи; ~ **в фи́зике** физикаялъе гьев лъавукъ вуго; **в му́зыке он по́лный** ~ гьев музыка бичIчIуларев чи вуго (бичIчIулев чи гуро)

ПРОФАНА́ЦИЯ *ж* жагьилал ишаздалъун *сундулниги* къимат хвезаби

ПРОФБИЛЕ́Т *м* профбилет

ПРОФБЮРО́ *с нескл.* профбюро

ПРОФГРУ́ППА *ж* профгруппа

ПРОФГРУППО́РГ *м* профгруппорг

ПРОФЕССИОНА́Л *м* профессионал (*кинаб бугониги хIалтIи жиндир пишалъун гьабурав чи*), пишачи

ПРОФЕ́ССИЯ *м* профессия, пиша, махщел

ПРОФЕ́ССОР *м* профессор

ПРОФЕ́ССОРСК//ИЙ, -ая, -ое 1) профессорасул; профессорасул гIадаб 2) *в знач. сущ.* **~ая** *ж* профессораз хIухьбахъи гьабулеб рукъ (*институтазда, университетазда*)

ПРОФЕССУ́Р//А *ж* 1) (*должность*) профессорлъи; **получи́ть ~у** профессорлъи щвезе 2) *собир.* профессорал

ПРОФИЛА́КТИКА *ж* профилактика (1 *мед. сахлъи цIуниялъе гьарулел тадбирал;* 2 *техн. машинаби халатаб заманалъ хIалтIизелъун гьарулел техникиял тадбирал*)

ПРОФИЛАКТИ́ ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое *мед., тех.* профилактикаялъул (-аб); **~ие приви́ вки** сахлъи цIуниялъе къваригIунел прививкаби; **~ ремо́нт** профилактикаялъе гьабулеб ремонт

ПРОФИЛАКТО́РИЙ *м* профилакторий (*хIалтIудаса тIечIого, сахлъи цIуниялъе бугеб санаторий*)

ПРО́ФИЛЬ *м* 1) (*вид сбоку*) хьибилалдасан бихьулеб куц (сурат); **сфотографи́ровать в ~** хьибилалдасан сурат бахъизе 2) (*совокупность основных черт*) профиль (*цойилде ракIарарал аслиял гIаламатал*)

ПРО́ФКОМ *м* профком (профсоюзияб комитет)

ПРОФО́РГ *м* профорг (профсоюзалъул организатор, гIуцIарухъан)

ПРОФОРГАНИЗА́ЦИЯ *ж* профсоюзалъул организация

ПРОФО́РМ//А *ж разг.* формаялъе гIоло гьабураб жо; ххвалиего гьабураб жо; **сде́лать** *что-л.* **для ~ы** *щибниги жо* ххвалиего гьабизе

ПРОФСОЮ́ З *м* (профессиональный союз) профессионалияб союз (цолъи)

ПРОФСОЮ́ ЗН//ЫЙ, -ая, -ое профсоюзалъул(аб); **~ая организа́ция** профсоюзалъулаб организация (гIуцIи́)

ПРОФТЕХШКО́ЛА *ж* профтехшкола (профессионалиябгун техникияб школа)

ПРОХА́ЖИВАТЬСЯ *несов.* хьвадизе, хьвадулев вукIине

ПРОХВАТИ́ТЬ *сов. кого-что разг.* 1) (*о холоде, ветре*) гъорлъе ккезе 2) (*раскритиковать*) къватIив чIвазавизе, кутакаб критика гьабизе 3) гъваридаб ругъун лъезе ◊ **~ до косте́й** рокьоде щвезегIан квачазе

ПРОХВА́ТЫВАТЬ *несов. см.* **прохвати́ ть**

ПРОХВОРА́//ТЬ *сов. разг.* унтизе, лъикI гьечIого вукIине; **я це́лый ме́сяц ~л** дун тIубараб моцIица лъикI гьечIого (унтун) вукIана

ПРОХВО́СТ *м разг. презр.* хIарамзада, хIалихьат, нажжас, гьвелрачI

ПРОХЛА́ДА *ж* гьогьен; **у́тренняя ~** рогьалил гьогьен

ПРОХЛАДИ́ ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое гьогьомизабулеб; **~ые напи́тки** гьогьомизарулел гьекъолел жал

ПРОХЛАДИ́ ТЬСЯ *сов. разг.* гьогьомизе

ПРОХЛА́ДНЫЙ, -ая, -ое гьогьомараб

ПРОХЛАЖДА́ТЬСЯ *несов. разг.* 1) *см.* **прохлади́ться**; 2) (*вести себя беззаботно*) рес бугеб, ургъел гьечIеб гIумру гьабизе 3) гьаругъин, гIедегIичIого *щибниги* гьабизе

ПРОХЛА́ДНО 1. *нареч.* гьогьомун **2.** *в знач. сказ. безл.* 1) гьогьомун буго; **на у́лице ~** къотIноб (къватIиб) гьогьомун буго 2): **мне ~ в э́том то́лько пальто́** гьаб пальтоялда гъорлъ дие гьогьомун буго

ПРОХО́Д *м* **1.** (*по гл.* **проходи́ ть**) ин **2.** (*место*) цо бакI къотIун унеб нух ◊ **за́дний ~** *анат.* ракунухалъул ахалъи

ПРОХОДИ́ МЕЦ *м разг.* хIалихьат, хIарамзада

ПРОХОДИ́М//ЫЙ, -ая, -ое нух бугеб, нух бахъизе кIолеб; **~ое боло́то** нух бахъизе кIолеб хьуцI

ПРОХ//ОДИ́ТЬ[1] *несов.* 1) *см.* **пройти́** ; 2) (*пролегать*) ине (къотIун ине); **доро́га ~о́дит по ле́су** нух рохьосан (рохь къотIун) унеб буго (уна)

ПРОХОДИ́/ТЬ[2] *сов.* 1) хьвадизе, ине, вилъгъине; **он три часа́ ~л по у́лице** гьев лъабго сагIаталъ къотIнов хьвадана 2) (*о механизмах и т.п.)* хIалтIизе (хьвадизе); **часы́ ~ли оди́н день** сагIат цо къоялъ хIалтIана

ПРОХОДН//О́Й, -ая, -ое **1.** жанисан къотIун унеб; **~о́й двор** жанисан къотIун унеб, жанисан нух бугеб азбар **2.** *в знач. сущ.* **~а́я** *ж предприятиялда* гIадамал жанире-къватIире риччалеб рукъ

ПРОХО́ЖИЙ *м сунданиги-лъиданиги* аскIосан *кивениги* унев чи

ПРОЦВЕТА́НИЕ *с* (*по гл.* **процвета́ть**) тIегьай; камиллъи; завалалде бахин

ПРОЦВЕТА́ТЬ *несов.* лъикIаб хIалалда букIине; лъикI цебе тIезе

ПРОЦЕДИ́ТЬ *сов. что* 1) бацIцIад гьабизе *сунда бугониги* гьоркьосан биччазе, цIцIузе 2) бер-ракI щвечIого (сан гьаби-чIого), бокьуларого кIалъазе

ПРОЦЕДУ́РА *ж* 1) *щибниги* тIубазабиялъул тартиб, къа-гIида; **~ голосова́ния** гьаракь кьеялъул къагIида 2) *мед.* процедура (*тохтирас сахлъи цIуниялъе рихьизарурал тадбирал)*

ПРОЦЕ́ЖИВАТЬ *несов. см.* **процеди́ ть**

ПРОЦЕ́НТ *м* процент (нусил бутIа); **четы́ре ~а дохо́да** тIаде бачIунеб хайиралъул ункъо процент; **вы́полнить план на сто два ~а** план нусиялда кIиго проценталъ тIубазабизе

ПРОЦЕ́СС *м в разг. знач. кинаб бугониги* ишалъул би-лълъин, цебетIей; диван, диван гьабиялъул къагIида ◊ **в ~е игры́** хIалеб заманалда

ПРОЦЕ́ССИЯ *ж* хIурматияб, рохалилаб, тIадегIанаб, *щивниги* кIодо гьавун гIемерал гIадамал цадахъ унеб лъугьа-бахъин; **похоро́нная ~** хварав чи вукъизе цадахъ унел гIемерал гIадамал

ПРОЦИТИ́РОВАТЬ *сов. кого-что* цитата цIализе (мисалалъе бачине)

ПРО́ЧЕРК *м* прочерк (*анкетаялда яги цогидаб документалда, цIезе хIужжа гьечIеб механ, цIараб хIучч*)

ПРОЧЁРКИВАТЬ *несов. см.* **прочеркну́ть**

ПРОЧЕРКНУ́ ТЬ *сов. что* хIучч цIазе; **~ графу́ в анке́те** анкетаялъул графаялда хIучч цIазе

ПРОЧЕСА́ТЬ *сов. что* 1) ххан бацIцIад гьабизе; **~ шерсть** квас ххан бацIцIад гьабизе 2) *перен. разг.* лъикIаб хIалалъ халшал гьабизе, кибего бер щвезабизе; **~ лес** рохьоб кибго хал-шал гьабизе; бацIцIад гьабизе

ПРОЧЁСТЬ *сов. см.* **прочита́ть**

ПРОЧЁСЫВАТЬ *несов. см.* **прочеса́ть**

ПРО́Ч//ИЙ, -ая, -ое хутIараб, цогидаб, нахъеяб; ◊ **ме́жду про́чим** а) *(потутно)* гьелдаго цадахъ б) *вводн. сл. (кстати)* бакI ккун букIаго (абизин)

ПРОЧИ́ СТИТЬ *сов. что* 1) бацIцIине, бацIцIад гьабизе (*жаниса)* 2) гьоркьоса къотIун лъедер гьабизе (*рохь, хъарахъ*)

ПРОЧИТА́ТЬ *сов.* 1) *что* цIализе; **~ газе́ту** газета цIализе 2) *что и без доп.* рекIехъе цIализе (рикIкIине); цIалдолев вукIине; **~ всю ночь** тIубараб сордоялъ цIалдолев вукIине ◊ **~ по глаза́м** бераздасан лъазе (бераз бицине)

ПРОЧИ́ ТЫВАТЬ *несов. см.* **прочита́ть**[1]

ПРОЧИЩА́ТЬ *несов. см.* **прочи́ стить**

ПРО́ЧНОСТЬ *ж прям. перен.* щулалъи; **~ тка́ни** ххамил щулалъи

ПРО́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое *прям., перен.* щулияб; **~ая ткань** щулияб ххам; **~ый мир** щулияб рекъел

ПРОЧУ́ ВСТВОВАТЬ *сов. что* 1) (*понять*) бичIчIизе 2) (*пережить*) рекIелъе бортизе, асар гьабизе

ПРОЧЬ 1. *нареч.***: он бы́стро пошёл ~** гьев хехго цо рахъалдехун ана **2.** *в знач. сказ.* нахъе а; **~ с доро́ги** нухдаса нахъе а (тIагIа) ◊ **я не ~** дун гьелда данде гуро; разияв вуго, щибниги гьабизе хIадурав вуго

ПРОШЕ́ДШ//ИЙ, -ая, -ее **1.** (*прошлый*) араб, цебеккун букIараб **2.** *в знач. сущ.* **~ее** араб, букIараб ◊ **~ее время** *грам.* араб заман

ПРОШЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **проси́ ть**) гьа́ри **2.** *уст.* хъван къолеб гIарза, гьари

ПРОШЕПТА́ТЬ *сов. что* щуризе, щурун абизе

ПРОШЕ́СТВИ//Е *с:* **по ~и го́да** лъагIел ун хадуб

ПРОШИВА́ТЬ *несов. см.* **проши́ ть**

ПРОШИ́ТЬ *сов. что* букъизе; махх-чараналда борлъун каратI гьабизе; гуллица ворлъизе; *кигIаналиго заманалъ* букъизе

ПРОШЛОГО́ДНИЙ, -ая, -ое араб соналъул, гьоркьсияб

ПРО́ШЛ//ЫЙ, -ая,-ое **1.** араб, цебесеб; **на ~ой неде́ле** араб анкьалда (анкьалъ) **2**. *в знач. сущ.* **~ое** араб

ПРОШМЫ́ ГИВАТЬ *несов. см.* **прошмыгну́ть**

ПРОШМЫГНУ́ ТЬ *сов.* вихьичIого ворчIизе; **~ в дверь** вихьичIого нуцIихъан ворчIизе

ПРОШТРА́ФИТЬСЯ *сов. раз.* гIайиб ккезе

ПРОЩА́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое къо-мех лъикI гьабиялъул, тIовитIиялъул; **~ конце́рт** къо-мех лъикI гьабиялъул концерт

ПРОЩА́НИЕ *с* (*по гл.* **проща́ться**) къо-мех лъикI гьаби

ПРОЩА́//ТЬ *несов.* 1) *см.* **прости́ ть** I; 2) *повел.* **~й(те)!** къомех лъикI!

ПРОЩА́ТЬСЯ *несов. см.* **прости́ ться**

ПРО́ЩЕ *сравн. ст. к* **просто́й**[1]

ПРОЩЕ́НИ//Е *с* (*по гл.* **прости́ ть**) тIаса лъугьин; **проси́ ть ~я** тIаса лъугьаян гьаризе; **прошу́ ~я** тIаса лъугьа (гьарула тIаса лъугьаян)

ПРОЩУ́ ПАТЬ *сов.* 1) *что (исследовать*) квашун лъазабизе, балагьизе 2) *кого-что перен.* цебеккун цIех-рех гьабун лъазабизе

ПРОЭКЗАМЕНОВА́ТЬ *сов. кого* экзамен гьабизе; экзамен гьабун виччазе

ПРОЯВИ́ ТЕЛЬ *м фото* проявитель

ПРОЯВИ́ТЬ *сов. что* 1) (*обнаружить*) бихьизабизе; загьир гьабизе; **~ хра́брость** бахIарчилъи бихьизабизе; 2) *фото:* **~ плёнку** пленкаялда сурат лъугьинабизе (*проявителалда гъорлъе рехун*)

ПРОЯВИ́ ТЬСЯ *сов.* 1) (*обнаружиться*) загьирлъизе 2) *фото* лъугьине *(сурат)*

ПРОЯВЛЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **прояви́ть**) загьир гьаби, бихьизаби, лъугьинаби **2.** (*по гл.* **прояви́ться**) лъугьин (*сурат*), загьирлъи

ПРОЯВЛЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **прояви́ ть(ся)**

ПРОЯСНЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **проясни́ ть**) баян гьаби **2.** (*по гл.* **проясне́ть и проясни́ ться**) роцIин, роцIун ин

ПРОЯ́ СНЕТЬ *сов. разг. (о погоде)* роцIине

ПРОЯСНЕ́//ТЬ *сов.:* **мы́сли ~ли** пикраби баянлъана (тIокIкIана)

ПРОЯ́ СНИТЬСЯ *сов. см.* **проясни́ ть**

ПРОЯСНИ́//ТЬСЯ *сов.* 1) (*стать понятным*) бичIчIизе, тIокIкIун ине 2) роцIун ине

ПРОЯСНЯ́ ТЬСЯ *несов. см.* **проясни́ ться**

ПРУД *м (нилъецаго гьабураб)* хIор

ПРУДИ́ ТЬ *несов. что* хIор чIезабизе (*сангаралъ*) ◊ **хоть пруд пруди́** кигIан бокьаниги, гIемераб къадаралда

ПРУЖИ́ НА *ж* пружина, бутI

ПРУЖИ́НИСТЫЙ, -ая, -ое пружина гIадинаб, пружина (бут1) бугеб гIадаб

ПРУЖИ́ НИТЬ *несов.* пружина гIадин букIине (хIалтIизе)

ПРУЖИ́ ННЫЙ, -ая, -ое пружинаялъул; пружина бугеб

ПРУТ *м* 1) (*мн.* **пру́тья**) (*ветка*) хьоп 2) (*мн.* **пруты́**) (*кусок проволоки*) маххул кварил кесек

ПРЫ́ ГАТЬ *несов.* 1) кIанцIизе; **~ть с парашю́том** парашюталъ кIанцIизе; **~ на одно́й ноге́** цо бохида кIанцIезе 2) тIвапезе; **се́рдце ~ет от ра́дости** вохиялъ ракI тIваполеб (твархолеб) буго

ПРЫ́ ГНУТЬ *сов.* кIанцIизе (*цо нухалъ*)

ПРЫГУ́ Н *м спорт.* кIанцIерохъан (*эхеде, гIебеде кIанцIулев)*

ПРЫЖО́К *м* кIáнцIи (*гIебеда, эхеде, гIодоре*); **~ в во́ду** лъелъе кIанцIи

ПРЫ́ СКАТЬ *несов. см.* **прыгну́ть**

ПРЫ́ СНУ//ТЬ *сов. разг.* 1) *чем.* чIинкьизе; тIираби речIчIизе; **кровь ~ла из ра́ны** ругънадаса би чIинкьун бачIунеб букIана 2) (*рассмеяться*) кквезе кIвечIого велъизе

ПРЫ́ТКИЙ, -ая, -ое хехав, тулакав, лебалав; **како́й ты ~!** мун вугев лебалав!

ПРЫТЬ *ж разг.* хехлъи, тулаклъи, лебаллъи

ПРЫЩ *м* цIирараб жо (тIихь)

ПРЫЩА́В//ЫЙ, -ая, -ое тIаде жо цIирараб (тIихь бараб); **~ое лицо́** тIаде жо цIирараб (тIихь бараб) гьумер

ПРЯДЕ́НИЕ *с (кун)* дургъи; **~ ше́рсти** квас дургъи

ПРЯДИ́ ЛЬНЫЙ, -ая, -ое (кун) дургъулеб, дергъолеб

ПРЯДИ́ ЛЬЩИК *м* дергъорухъан (кун дургъулев чи)

ПРЯДИ́ ЛЬЩИЦА *ж* дергъорухъан (кун дургъулей чIужу)

ПРЯДЬ *м* микIис

ПРЯ́ ЖА *ж* дургъараб кун (дургъун гьабураб кун)

ПРЯ́ ЖКА *ж* къадеро

ПРЯ́ЛКА *ж* дергъолеб (кун дургъулеб) машина; хIатIил мерго

ПРЯМИЗНА́ *ж* битIи́ ; **~ ли́ нии** хIуччалъул битIи́

ПРЯМИКО́М *нареч. разг.* 1) битIун, хIучч ккун, доре-гьанире кьуричIого 2) (*откровенно*) битIухъе, рагьун, щибго балъго гьабичIого; **говори́ ть ~** рагьун абизе

ПРЯ́ МО *нареч.* 1) *в разн. знач. (по прямой линии*) битIун; **идти́ ~** битIун ине; **стоя́ ть ~** битIун чIезе; **сказа́ть ~** битIун абизе 2. *в знач. усил. частицы* битIахъе ◊ **~ вы́ литый оте́ц** битIахъе виун тIурав (коцонив чIварав) эмен (вуго); **угоди́ ть ~ в во́ду** битIахъе лъелъе ккезе

ПРЯМОДУ́ШНЫЙ, -ая, -ое ракI рагьарав, гьереси-рекIкI гьечIев

ПРЯМ//О́Й, -ая, -ое 1) битIараб; **~а́я ли́ ния** битIараб хIучч 2) *(беспересадочный)* битIахъе цо бакIалде (ахиралде) щвезегIан унеб (*хисизе кколареб*) 3) *(непосредственный)* тIадаб; **э́ то его́ ~а́я обя́занность** гьеб буго гьесул тIадаб борч (иш) 4) (*правдивый*) витIарав, ритIухъав 5) (*явный*) якъинаб, загьираб; **~о́й обма́н** якъинаб хIилла (рекIк1) ◊ **~о́е дополне́ние** *грамм.* битIараб дополнение; **~а́я речь** *грам.* битIараб калам; **~о́й у́гол** битIараб бокIон

ПРЯМОЛИНЕ́ЙН//ЫЙ, -ая, -ое 1) хIучч ккун унеб; хIучч битIараб 2) *перен.* витIарав, дове-гьаниве кьуруларев, жиндирго пикруялда рекъон хьвадулев, чIваркьан рагIи абулев

ПРЯМОТА́ *ж* чIванкъотIи; **~ отве́та** жавабалъул чIванкъотIи

ПРЯМОУГО́ЛЬНИК *м* бокIонбитI

ПРЯМОУГО́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое бокIон битIараб

ПРЯ́ НИК *м* пряник

ПРЯ́ НОСТЬ *ж* 1) татуяб махI бугеб, кIал-мацI бухIизабулеб, лъикIаб тIагIамалъе кванилъе гьабулеб жо

ПРЯСТЬ[1] *несов.* дургъизе (*кун*)

ПРЯ//СТЬ[2] *несов.* хьвагIезаризе; кIорокIизе; **ло́шадь ~дёт ушáми** чоца гIундул кIорокIулел руго

ПРЯ́ТАТЬ *несов. кого-что* бахчизе; нахъе лъезе (*цIунизелъун*)

ПРЯ́ ТАТЬСЯ *несов. кив вугониги* вахчизе; вахчаризе

ПРЯ́ТКИ *мн.* рахчирукъ (*лъималазул расанди*); **игра́ть в ~** рахчирукъ хIазе ◊ **игра́ть в ~** *щибниги* балъго гьабизе, бахчизе

ПРЯ́ ХА *ж* кун дургъулей чIужу, дергъорухъан

ПРЯ́ ЧУ(СЬ), пря́ чешь(ся) *и т.д. наст. от* **пря́ тать(ся)**

ПСА, псу *и т.д. род., дат. п. и т.д.* **от пёс**

ПСА́РНЯ *ж* чанил гьабзазул рукъ, ручун

ПСЕВДОНИМ *м* художникас (хъвадарухъанас) жиндиего ургъун бахъараб цIар (фамилия)

ПСИХИА́ТР *м* психиатр (психикиял унтабазул тохтир)

ПСИХИАТРИ́ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое психиатриялъул (психикиял унтабазул); **~ая больни́ца** психикиял унтабазул больница

ПСИХИАТРИ́ Я *ж* психиатрия *(психикиял унтаби лъазарулеб гIелму)*

ПСИ́ХИКА *ж* психика *(чIагоял организмабазул нервабазул хIалтIул хасаб хасият)*

ПТЕНЕ́Ц *м* хIанчIитIинчI

ПТИ́Ц//А *ж* хIинчI; **пе́вчие ~ы** бакънал рачунел хIанчIи; **дома́шняя ~а** *собир.* рукъалъул хIанчIи

ПТИЦЕВО́Д *м* гIанкIу-хIелеко (рукъалъул хIанчIи) гIезариялъул специалист (гIезарулев чи)

ПТИЦЕВО́ДСТВО *с* рукъалъул хIанчIи гIезари

ПТИЦЕВО́ДЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое рукъалъул хIанчIи гIезариялъул (гIезарулеб); **~ая фе́рма** рукъалъул хIанчIи гIезарулеб ферма

ПТИЦЕЛО́В *м* хIанчIи кколев чи

ПТИЦЕФА́БРИКА *ж* хIанчIи гIезарулеб фабрика

ПТИЦЕФЕ́РМА *ж* хIанчIазул ферма

ПТИ́Ч//ИЙ, -ья, -ье хIанчIил; **~ьи голоса́** хIанчIазул гьаркьал; **~ий корм** хIанчIазе кьолеб (хIанчIазул) квен ◊ **с ~ьего полёта** цIакъ эхедегIанисан, кинабго бихьулеб бакIалдасан

ПТИ́ЧКА *ж* 1) *уменьш. от* **пти́ца**; 2) (*пометка, галочка*) гIуж, ишара

ПТИ́ ЧНИК *м* 1) (*помещение*) хIанчIазул рукъ 2) (*работник*) хIанчIи хьихьулев чи

ПТИ́ ЧНИЦА *ж* хIанчIи (гIанкIуял) хьихьулей чIужу

ПУ́БЛИКА *ж собир.* гIадамал, халкъ; гIенеккарал, хал гьабизе рачIарал

ПУБЛИКА́ЦИЯ *ж* **1.** (*по гл.* **публикова́ть**) лъазаби, тIибитIизаби, басмаялда бахъи **2**. (*то, то опубликовано*) басмаялда бахъараб жо

ПУБЛИКОВА́ТЬ *несов. что* тIибитIизабизе, лъазабизе, басмаялда бахъизе

ПУБЛИЦИ́СТ *м* публицист (*общественниялгун политикиял темабазда асарал хъвалев чи*)

ПУБЛИЦИ́СТИКА *ж* публицистика (*общественниябгун политикияб темаялда хъвараб литература)*

ПУБЛИЦИСТИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое публицистикаялъул

ПУБЛИ́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое гIемерал гIадамалги ракIарун гьабулеб, рагьараб; **~ое выступле́ние** гIемерал гIадамалги ракIарун гьабулеб кIалъай; **~ая библиоте́ка** халкъияб гIаммаб библиотека

ПУ́ГАЛО *с* 1) чиякIо 2) *перен.* сурукъ

ПУ́ГАН//ЫЙ, -ая, -ое хIинкъараб; хIинкъизабураб; **~ая воро́на куста́ бои́ тся** *посл.* биххараб гъеду хъархъикъаги хIинкъулебила

ПУГА́ТЬ *несов. кого-что* хIинкъизавизе

ПУГА́ТЬСЯ *несов. кого-чего* хIинкъизе, кара биххизе

ПУГЛИ́ВЫЙ, -ая, -ое хIинкъарав, хехго хIинкъулев; кара биххараб

ПУГНУ́ ТЬ *однокр. к* **пуга́ть**

ПУ́ ГОВИЦА *ж* бекI, маргъал, тIа, пент

ПУД *м* пут

ПУ́ ДРА *ж* пудра

ПУ́ ДРИТЬ *несов. кого-что* пудра бахине (*лъиданиги*)

ПУ́ ДРИТЬСЯ *несов. (жиндаго)* пудра бахине

ПУЗА́ТЫЙ, -ая, -ое 1) *прост.* чехь кIудияб, чехь биччараб 2) *разг.* хъибихъараб; **~ самова́р** хъибихъараб самовар

ПУ́ЗО *с прост.* чехь

ПУЗЫРЁК *м* 1) *уменьш. от* **пузы́рь** I, 2; 2) (*склянка*) шиша (*гьитIинаб*)

ПУЗЫ́ РЬ *м* 1) полоп; **мы́ льный ~** сапнал полоп 2) (*волдырь*) пул, къвачIа 3) *анат.* пунцIеро; **мочево́й ~** пунцIеро; **жёлчный ~** щидал къвачIа

ПУК *м* кIущтIа; **~ соло́мы** сумал кIущтIа; сумал къвал цIураб жо, сумал гул

ПУЛЕВ//О́Й, -ая, -ое гуллил; **~о́е ране́ние** гуллил ругъун

ПУЛЕМЁТ *м* пулемет

ПУЛЕМЁТН//ЫЙ, -ая, -ое пулеметалъул; **~ая ле́нта** пулемёталъул лента (гIарщ)

ПУЛЕМЁТЧИК *м* пулеметчи

ПУЛО́ВЕР *м хьухьун гьабураб габурги гьечIеб тIад къараб* хенчо, къвалгьечI

ПУЛЬВЕРИЗА́ТОР *м* пульверизатор *(одеколон яги цогидаб лъамалъи пунхъулеб алат)*, пунхъеро

ПУЛЬС *м* 1) бидул кьаби 2) *перен. сундулниги* хIалтIиялъул рекъей, низам

ПУ́ Л//Я *ж* гулла; **шальна́я ~я** саяхъаб гулла; ◊ *перен* **вы́ лететь ~ей** гулла гIадин хехго къватIиве вачIине

ПУНКТ *м* 1) (*место, помещение*) пункт, бакI; **наблюда́тельный ~** хал кколеб пункт (бакI); **населённый ~** гIадамал ругеб (чIараб) бакI 2) (*раздел, параграф*) пункт (*официалияб документалъул яги текстalъул, номер яги хIарп лъун батIа гьабураб бутIа*)

ПУНКТИ́ Р *м* тIутIураб хIучч, пунктир

ПУНКТУА́ЛЬНОСТЬ *ж* дуруслъи

ПУНКТУА́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое дурусав; **~ челове́к** дурусав чи

ПУНКТУА́ЦИЯ *ж грам.* **пунктуа́ция** (*лъалхъул ишараби лъеялъул къагIидаби*)

ПУ́ НКЦИЯ *ж мед.* пункция (*унти чезабизелъун къаркъалаялъул цо бакI, бидурихь борлъи*)

ПУНЦО́ВЫЙ, -ая, -ое канчIбагIараб

ПУП *м разг. см.* **пупо́к** ◊ **~ земли́** *ирон.* ракьул цIину (*дунялалда живго цIакъ кутакавлъун, кIвар бугевлъун рикIкIунев чи)*

ПУПОВИ́ НА *ж* цIину

ПУПО́К *м* цIину (*цIину бортидал хутIулеб гIуж*)

ПУПЫ́РЫШЕК *м* цIирараб жо, цIинкир; гьитIинаб гIам-гIаро

ПУРГА́ *ж* пуй-чIвай

ПУ́ РПУР *м* 1) **(***цебе заманалда ххам белъине хIалтIизабулеб букIараб)* бецIбагIараб кьералъул релъен 2) бецIбагIараб яги канчI-багIараб кьер 3) *устар.* бецIбагIараб кьералъул хирияб ретIел яги ххам

ПУСК *м* (*по гл.* **пусти́ ть**) 1) (*хIалтIизе*) биччай; **~ зово́да** завод (*хIалтIизе*) биччай 2) (*запуск) (боржине*) биччай; **~ раке́ты** ракета (*боржине*) биччай

ПУСКА́Й *разг. см.* **пусть**

ПУСКА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **пусти́ ть(ся)**

ПУСТЕ́ТЬ *несов.* чIобоголъизе

ПУСТИ́ТЬ *сов. кого-что* 1) *(выпустить)* биччан тезе; **~ пти́ -цу на во́лю** хIинчI эркенлъиялде биччан тезе 2) *кого (разрешить)* виччазе; **~ в о́тпуск** отпускалъ виччазе 3) *кого (впустить)* жанире риччазе; **~ пассажи́ров в ваго́н** пассажирал вагоналъуре ри-ччазе 4) *что (привести в действие, погнать*) биччазе; бачине; **~ заво́д** завод (хIалтIизе) биччазе; **~ ло́шадь ша́гом** чу рилълъада бачине 5) *кого-что* биччазе; **~ по́езд под откос** поезд лабаллъудаса гьоркье (гебергизе) биччазе 6) *что, чем (бросить)* рехизе, речIчIизе; **~ ка́мень в окно́** гьецIо гордулъ (горда) речIчIизе 7) *что (распространить)* тIибитIизабизе, биччазе; **~ слух** (*сплетню*) къватIул хабар тIибитIизабизе 8) *что (дать ростки)* риччазе; **~ ко́рни** кьалбал риччазе ◊ **~ кра́сного петуха́** цIа гъезе; **~ ко дну** гъанкъизабизе

ПУСТИ́ ТЬСЯ *сов. разг.* 1) вахъине; **~ в доро́гу** нухда вахъине 2) (*начать делать что-л.)* виччазе (байбихьизе); **~ в пляс** кьурдун виччазе; **~ бежа́ть** тIурун виччазе

ПУСТОВА́ТЬ *несов.* чIобого букIине; чIобоголъизе

ПУСТОЗВО́Н *м разг.* чIаначи, кIалбазар, чвархъеро

ПУСТ//О́Й, -ая, -ое *прил.* 1) чIобогояб; **~а́я бо́чка** чIобогояб чирмакъали 2) *перен. (бессодержательный*) чIобогояб, хIасил гьечIеб; **~ой разгово́р** чIобогояб гара-чIвари (хабар) 3) *перен. (неосновательный)* кьучI гьечIеб; **~ы́ е слу́хи** кьучI гьечIел харбал ◊ **~о́е ме́сто** пайдагьечI; **с ~ы́ ми рука́ми** кодоб-хъатикь жоги гьечIого; щибго жоги щвечIого

ПУСТОМЕ́ЛЯ *м, ж разг.* гIадада гаргадулев чи, чIобогояб хабар бицунев (хъурулев) чи, чIандачи

ПУСТОСЛО́ВИЕ *с* чIанда, магIна гьечIеб калам

ПУСТОСЛО́ВИТЬ *несов. разг.* чIанда бицине, магIна гьечIеб калам гьабизе

ПУСТОТА́ *ж* 1) чIобоголъи; **~ до́ма** рукъалъул чIобоголъи 2) (*пустое пространство*) гьодорлъи 3) *перен.* бошлъи

ПУСТОТЕ́ЛЫЙ, -ая, -ое гьодораб; **~ кирпи́ч** бакI-бакI гьодораб кирпич

ПУСТОЦВЕ́Т *м* 1) *бот.* хIораб тIегь, хIортIегь 2) *перен. (о человеке)* пайдагьечI

ПУ́СТОШЬ *ж* рехун тараб, пайда босулареб ракь, чIоболъи

ПУСТЫ́ ННЫЙ, -ая, -ое чIобогояб; чи гьечIеб

ПУСТЫ́ НЯ *ж* чIобогояб авлахъ

ПУСТЫ́ РЬ *м* рехун тараб бакI

ПУСТЫ́ ШКА *ж разг.* 1) (*полый предмет*) гьодораб предмет 2) *перен. (о легкомысленном человеке)* чIобогояв, гьодорав чи; гьадингояв чи 3) (*соска*) лъималазул моцIу

ПУСТЬ 1. *частица* 1) **~ идёт** биччанте ине; **~ бу́дет так!** биччанте гьедин букIине! 2) (*ладно*) лъикIха; **~, я согла́сен** лъикI-ха, дун разияв вуго 3) (*так и быть*) букIа абе **2**. *союз уступ. (допустим, хотя)* тезин, букIаниги; **~ он оши́ бся, но оши́ бку мо́жно испра́вить** гьесул гъалатI букIаниги (ккун батаниги), гьеб битIизабизе бегьула

ПУСТЯ́ К *м* **1.** гьадингояб жо; щибго гуреб жо; кIвар кьезе кколареб жо; жо гуреб жо **2**. *мн. ~ в знач. сказ.* биценегIанасеб жо гуро

ПУСТЯКО́ВЫЙ, -ая, -ое жого гуреб, гьадингояб

ПУ́ТАНИЦА *ж* бада-гъудур; жуба-гъубан мекъса ккараб хIалтIи

ПУ́ТАН//ЫЙ, -ая, -ое: **~ые объясне́ния** жура-гъурарал, ричIчIуларел баянал, гIиллаби (*рачин*)

ПУ́ТАТЬ *несов.* 1) *что* бигъинабизе; **~ ни́тки** кунал ригъинаризе 2) *кого (сбивать с толку)* мекъса ккезавизе, къосинавизе 3) *что и без доп. разг. (сбивчиво рассказывать)* къосарине (*бицунаго*) 4) *кого-что* (*смешивать*) жубазабизе, къосине; **~ имена́** цIарал къосине 5) *кого разг. (вовлекать)* гьоркьове цIазе 6) *кого-что (надевать путы*) бохдул рухьине (хIатIирухьен базе), маххал разе

ПУ́ТАТЬСЯ *несов.* 1) (*приходить в беспорядок*) бигъине, бада-гъудур ккезе 2) *(сбиваться)* къосине 3) *разг. (вмешиваться)* гьоркьове жувазе (*хIажат гьечIеб ишалда*)

ПУТЁВКА *ж* путёвка; **~ в санато́рий** санаториялде ине путевка

ПУТЕВОДИ́ТЕЛЬ *м* (*справочник*) сапаралда вугесе къваригIунебщинаб хъвараб тIехь

ПУТЕВ//О́Й, -ая, -ое маххул нухалда хурхараб; **~о́й сто́рож** маххул нухлул хъаравул; **~о́й дневни́к** нухлул дневник; **~ы́е запи́ски** нухлулал (сапаразда гьарурал) хъвай-хъвагIаял

ПУТЕ́ЕЦ *м* маххул нухлул транспорталъул инженер

ПУТЕУКЛА́ДЧИК *м* шпалалгун цадахъ рельсал лъолеб машина

ПУТЕШЕ́СТВЕННИК *м* сапарчи, дуниял сверизе вахъарав чи

ПУТЕШЕ́СТВЕННИЦА *ж* сапарчIужу, дуниял сверизе яхъарай гIадан

ПУТЕШЕ́СТВИЕ *с* сапар, дуниял бихьизе свери

ПУТЕШЕ́СТВОВАТЬ *несов.* сапар бухьине, дуниял сверизе ине

ПУТИ́ НА *ж* ччугIа кколеб заман

ПУ́ТНИК *м* нухлулав, сапаралда вугев чи

ПУ́ТНИЦА *ж* нухлулай, сапаралда йигей гIадан

ПУ́ТН//ЫЙ, -ая, -ое *разг.* лъикIаб; пайдаяб; магIна бугеб; ишалъулаб; цIодораб, гIакъилаб

ПУ́ ТЧ *м* путч, питна (*гьитIинаб къокъаялъ хIукумат тIаса рехизе гьабулеб къасд; гьедин хIукумат тIаса рехи*)

ПУ́ТЫ *мн. прям. перен.* хIатIирухьен; синжирал, маххал *(хIатIазда ралел)*

ПУТ//Ь *м* 1) нух; **~ь в гора́х** мугIрузда нух; **во́дный ~ь** лъел нух; **поста́вить по́езд на запа́сный ~ь** поезд запасияб нухда лъезе (чIезабизе) 2) (*маршрут*) маршрут, ине кколеб нух; **сби́ться с ~и** нух къосун ккезе 3) (*поездка*) сапар; **пусти́ться в ~ь** сапаралъ вахъине 4) *мн.* **~и́** *анат.* нухал ◊ **дыха́тельные ~и́** хIухьел цIалел нухал; **жи́зненный ~ь** гIумруялъул нух; **счастли́вого ~и́ !** нух битIаги, сапар талихIаб батаги!

ПУ́ Х *м* хъуп ◊ **в ~ и прах** минатахъ биххизабун, тIубанго, ахиралде щвезегIан

ПУ́ ХЛ//ЫЙ, -ая, -ое понцIораб, гьорораб, цурараб; **~ые ру́ки** понцIорал кверал; **~ые щёки** понцIорал кIаркьаби; **~ое лицо́** гьорораб гьумер

ПУ́ ХНУТЬ *несов.* гьорозе, цуризе

ПУХОВИ́ К *м* хъупил къандалъо, ургу, юргъан, назбарши

ПУХО́В//ЫЙ, -ая, -ое хъупил; **~ая поду́шка** хъупил къандалъо

ПУЧЕГЛА́ЗЫЙ, -ая, -ое берал гIачIихарав, берал чIваркьарав

ПУЧИ́ НА *ж* **1.** лъел гъварилъи, ралъдал тIину гьечIеб гъварилъи **2.** маххул яги машинадул нух бакI-бакIалдаса борхун бачIин

ПУ́ЧИ//ТЬ *несов. что разг. 1)* гьорозе*;* **живо́т ~т** чехь гьорозе 2) чIваркьизаризе; **~ть глаза** берал чIваркьизаризе

ПУЧКОВА́ТЫЙ, -ая, -ое кваIцIи гIадаб

ПУЧО́К *с* 1) кваIцIи 2) цIен

ПУ́ ШЕЧНЫЙ, -ая, -ое гIарададул

ПУШИ́ НКА *ж* хIулидул гьитIинаб бутIа, хIулидул рас

ПУШИ́ СТЫЙ, -ая, -ое тIаде квас бахъараб; тIадагъаб; хIули гIадаб тамахаб

ПУ́ ШКА *ж* гIарада

ПУШКА́РЬ *м* 1) гIарадачи 2) гIарадаби гьарулев чи

ПУШНИ́ НА *ж* тIеренаб рас-квас бугеб цIоко-къехь

ПУШНО́Й, -ая, -ое цIоко-къехьалъул

ПУШО́К *м* гIисинаб хIеренаб хъуп, гIолохъанаб хъуп

ПУ́ ЩА *ж* ризаб рохь, гьорлъан нух бахъизе кIолареб рохь; гванзаб рохь, гъамилараб рохь

ПУ́ ЩЕ *нареч.* цIакъ, кутакалда

ПЧЕЛА́ *ж* на

ПЧЕЛИ́ НЫЙ, -ая, -ое найил, найидул; **~ у́лей** найил тIала; **~ мёд** найил гьоцIо

ПЧЕЛОВО́Д *м* найихъан

ПЧЕЛОВО́ДСТВО *с* найихъанлъи

ПЧЕ́ЛЬНИК *м* найирукъ; найил тIулби лъураб бакI

ПШЕНИ́ ЦА *ж* ролъ

ПШЕНИ́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое ролъул; **~ая мука́** ролъул ханжу

ПШЕНО́ *с* мочол крупа (курпа)

ПЫЖ *м* буртинадул, картоналъул, хьвацIил гьоркьоблъел (*патроналда жаниб гуллида гъоркьги тIадги бугIулеб*)

ПЫ́ ЖИК *м* севералъул ритIучIалъул бече; ритIучIалъул бачил цIоко

ПЫЛ *м* 1) кутакаб багIари, цIа 2) рекIел хIасрат, шавкъ

ПЫЛА́ТЬ *несов.* 1) гвангъун цIа рекIине 2) багIарлъун вахъине 3) рекIел хIасрат кутаклъизе, шавкъ щвезе

ПЫЛЕСО́С *м* пылесос (хIур бахъулеб (цIалеб) машина)

ПЫЛИ́ НКА *ж* хIурул зарра

ПЫЛИ́ТЬ *несов.* хIур бахъинабизе; **~ ве́ником** цIилцIица хIур бахъинабизе; хIурги бахъинабулаго ине; **~ оде́жду** ратIлида хIур бахинабизе

ПЫЛИ́ ТЬСЯ *несов.* 1**)** хIуруца бацизе; хIурги чIван (хIурацаги бацун) букIине 2) хIур бахъине

ПЫ́ЛК//ИЙ, -ая, -ое кутакаб шавкъ бугев, цIа гIадав; шавкъалъул, кутакаб хIасратлъул цIурав; **~ий ю́ношa** цIа гIадав гIолилав; **~ое воображе́ние** хIасратаб хиял

ПЫЛЬ *ж* хIур ◊ **пусти́ ть ~ в глаза́** гьересияб асар лъугьинабизе, гьересияб пикру бижизабизе *(жиндирго хIакъалъулъ)*

ПЫ́ ЛЬНИК[1] *м бот.* тIегъалъул тIогьохIур лъугьунеб бакI

ПЫ́ЛЬНИК[2] *м* плащ, гъоркьлъел гьечIеб тIеренаб пальто (*хIурудаса цIунизе ретIунеб*)

ПЫ́ ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое хIуруца бацараб, хIурул цIураб; хIур букIунеб; **~ая доро́га** хIур букIунеб (бахъунеб) нух; **~ая бу́ря** хIурул буран

ПЫРЕ́Й *м бот.* хъахIкьибил

ПЫТА́ТЬ *несов. кого* 1) гIазаб кьезе, *лъиениги* къварилъи гьабизе, инжит гьавизе 2) *устар.* хIал бихьизе 3) *прост.* лъазабизе жигар бахъизе ◊ **~ сча́стья** талихIалъул хIал бихьизе

ПЫТА́//ТЬСЯ *несов. с неопр.* жигар бахъизе, хIал бихьизе; **он ~лся опра́вдываться** гьес вацIцIарине (живго ритIухъ гьавизе) жигар бахъулеб букIана

ПЫ́ ТК//А *ж* 1) гIазаб (гIакъуба) кьей; **ору́дия ~и** гIазаб кьолел алатал 2) *перен.* рекIее гIазаб кьей

ПЫТЛИ́ ВЫЙ, -ая, -ое кинабго жо бичIчIизе (лъазе) бокьулев; **~ ум** сундаго нахъгIунтIизе бокьулеб гIакълу

ПЫХТ//ЕТЬ *несов.* 1) *разг.* сунсудизе, ухIиялда вукIине, каранзул гьаракь бахъине 2) къо бихьун, кутакалда (*сунданиги тIад*) хIалтIизе, тIаделъизе; 3) *перен.* (*машинаялъул, паровоза-лъул, цIазе кIоларого*) гьаркьал рахъине, чвархъи-двариялда бу-кIине

ПЫ́ШН//ЫЙ, -ая, -ое 1) тамахаб, биххун унеб, тIадагъаб, хIеренаб; понцIораб; **~ые во́лосы** тамахаб, хIеренаб, биххун унеб рас 2) (*роскошный*) бечедаб, чухIаб

ПЬЕДЕСТА́Л *м* скульптура тIад лъезе гьабураб берцинго къачIараб гъоркьбакI (*постамент*)

ПЬЕ́СА *ж* пьеса

ПЬЮ, пьёшь *и т.д. наст. от* **пить**

ПЬЯНЕ́ТЬ *несов.* мехтизе

ПЬЯНИ́ ТЬ *несов.* 1) *кого-что* мехтизавизе 2) *перен.* бетIер сверизабизе (*вохиялъ, хIинкъиялъ*); мехтарав гIадин лъугьинавизе

ПЬЯ́ НИЦА *м, ж.* гьекъолдухъан

ПЬЯ́ НСТВО *с* гьекъолди

ПЬЯ́ НСТВОВАТЬ *несов.* гьекъолдизе

ПЬЯ́ НЫЙ, -ая, -ое **1.** мехтараб; **~ го́лос** мехтараб гьаракь **2.** *в знач. сущ. ~ м* мехтарав

ПЮРЕ́ *с нескл.* пюре, карщ (*чухIараб пихъил, картошкадул*)

ПЯД//Ь *ж* цедер ◊ **ни ~и** кигIан гьитIинабги

ПЯ́ЛИТЬ *несов. что прост.* 1) (*растягивать*) *сунданиги* тIаде цIан кIодо гьабизе; цIазабизе; **~ сыру́ю овчи́ну** биччараб гIиял тIехь цIан кIодо гьабизе; **~ рот па́льцами** килщаз цIан кIал кIодо

гьабизе 2) (*надевать с усилием*) хIалица тIад ретIине (*ххезе*) ◊ **~ глазá** *на кого-что* берал чIваркьизаризе (*гIажаиблъи гьабун*)

ПЯ´ ЛЬЦЫ *мн.* угьине ххам тIаде цIалеб рама

ПЯТ//Á *ж уст.* эгъе; гьоркьа хIетIе ◊ **быть** *у кого-л.* **под ~óй** *лъилниги* зулму-хIалалда гьоркь рукIине; **до ~ы´** цIакъ халатаб; **ходи´ть по ~áм** нахъа хутIичIого (нахъе къачIого, нахъаса вичIичIого) ине ◊ **с головы´ до ~** ботIродаса хIатIиде (агъалде, агъалзул хIубалъе) щвезегIан

ПЯТÁК *м разг.* шагьи, 5 копек

ПЯТАЧÓК *м разг.* 1) (*монета*) шагьи 2) (*рыло свиньи*) болъонил хвенех 3) (*площадка*) гьитIинаб майдан; ракьул тIанкI

ПЯТЁРК//А *ж разг.* 1) (*цифра*) щуйил тарих 2) (*отметка*) щуйилаб 3) *карт.* щуго очкоялъул хIалеб кагъат 4) (*пять рублей*) щуго гъурущ

ПЯТЕРНЯ´ *ж разг.* кверзул щуябго килищ; рищи ккун цебесеб квер; рагьун биччараб квер

ПЯ́ТЕРО *числ. собир.* щугояв; **их бы´ло ~** гьел щугоял рукIана

ПЯТЁРОЧНИК *м разг.* щуйилал росулев цIалдохъан (отличник), щуйилазда цIалулев цIалдохъан

ПЯТИБÓРЬЕ *с спорт.* пятиборье (*спорталъул щуго тайпаялда щивас гьабулеб къец*)

ПЯТИДЕСЯТИЛÉТИЕ *с* 1) (*срок*) кIикъоялда анцIго соналъул болжал (заман) 2) (*годовщина*) кIикъоялда анцIго сон тIубай

ПЯТИДЕСЯТИЛÉТНИЙ, -яя, -ее 1) (*о сроке*) кIикъоялда анцIго соналъул 2) (*о возрасте*) кIикъоялда анцIго сон барав 3) (*о годовщине*) кIикъоялда анцIго сон тIубаялъул

ПЯТИДЕСЯ´ ТЫЙ, -ая, -ое *числ.* кIикъоялда анцIабилеб

ПЯТИДНÉВНЫЙ, -ая, -ое щуго къоялъул (щуго къоялъ халат бахъараб)

ПЯТИКЛÁССНИК *м* щуабилеб классалъул цIалдохъан (*вас*)

ПЯТИКЛÁССНИЦА *ж* щуабилеб классалъул цIалдохъан (*яс*)

ПЯТИКОНÉЧНЫЙ, -ая, -ое щугIаркьелаб, щуго гIаркьел бугеб

ПЯТИКОПÉЕЧНЫЙ, -ая, -ое щуго копекалъул багьараб; щуго копекалъул

ПЯТИКРÁТНЫЙ, -ая,-ое щуцIул гьабураб (лъугьараб); щуго нухалъ кIодо гьабураб; **~ чемпио́н** щуцIул чемпион

ПЯТИЛÉТИЕ *с* 1) (*срок*) щуго соналъул болжал 2) (*годовщина*) щуго сон тIубай

ПЯТИЛÉТКА *ж* 1) щуго соналъул болжал 2) щуго сонил план 3) *разг.* щуго сон барав вас

ПЯТИЛÉТНИЙ, -яя, ее 1) (*о сроке*) щуго соналъул 2) (*о возрасте*) щуго сон барав 3) (*о годовщине*) щуго сон тIубаялъул

ПЯТИМÉСЯЧНЫЙ, -ая, -ое 1) (*о сроке*) щуго моцIалъул 2) (*о возрасте*) щуго моцI бараб

ПЯТИРУБЛЁВЫЙ, -ая, -ое щуго гъурщил багьараб; щуго гъурщил (*кагъат*)

ПЯТИСÓТЫЙ, -ая, -ое щунусабилеб

ПЯТИТÓНКА *ж разг.* щуго тонна къайидул баччулеб машина

ПЯ́ТИТЬСЯ *несов.* нахъе къазе, нахъаса нахъе ине; *перен. прост. сундасаниги* инкар гьабизе

ПЯТИУГÓЛЬНИК *м* щубокIон

ПЯТИУГÓЛЬНЫЙ, -ая, -ое щубокIонаб

ПЯТИЭТÁЖНЫЙ, -ая, -ое щуго тIалаялъул, щутIалараб

ПЯ´ ТК//А *ж* эгъе (хIатIил эгъе); щватадул эгъе ◊ **душá в ~и ушлá** рухI агъалзул хIубалъе ана *(хIинкъиялъ);* **показáть ~и** хехго тIуризе

ПЯТНАДЦАТИЛÉТНИЙ, -яя, -ее анцIила щуго соналъул; анцIила щуго сон барав

ПЯТНÁДЦАТЬ *числ.* анцIила щуго

ПЯТНÁТЬ *несов.* 1) *что (покрывать пятнами*) лангал (тIанкIал) лъезе (лангал лъун чорок гьабизе) 2) *кого-что перен.* инжит гьавизе, квешаб цIар лъезе; **~ репутáцию** къадру-къиматалда квешаб цIар чIвазе, тIанкI лъезе, къадру-къимат хвезабизе 3) *кого (при игре в пятнашки) (расанди хIалаго, гьабулаго*) квер хъвазе, квералъ къабизе, торгIо речIчIизе

ПЯТНÁШКИ *мн. (детская игра)* рекерункквей (*векерулесда квер хъвалеб яги торгIо речIчIулеб хIай*)

ПЯТНИ´ СТЫЙ, -ая, -ое тIанкIахараб; **~ олéнь** тIанкIал ругеб ритIучI

ПЯ´ ТНИЦА *ж* рузман, рузманкъо

ПЯТНÓ *с* 1) ланг 2) *перен.* тIанкI; **~ позóра** рогьо-ничалъул тIанкI ◊ **и на со́лнце есть пя´тна** гъая (багьана) камураб жо букIунареб; **чёрное ~** *щибниги* цIакъ кутакалда суризарулеб жо, чIегIераб тIанкI

ПЯТÓК *м разг.* щуго релъалъараб предмет; **~ лу́ковиц** щуго порол (ражидул) бетIер

ПЯ́Т//ЫЙ, -ая, -ое **1.** *числ.* щуабилеб; **~ое число́** щуабилеб къо **2.** *в знач. сущ.* **~ая** *ж* щуабилей **3.** (*пятая часть чего-л.*) *сундулниги* щуйил бутIа

ПЯТЬ *числ.* щуго

ПЯТЬДЕСЯ´ Т *числ.* кIикъоялда анцIго

ПЯТЬСÓТ *числ.* щунусго

ПЯ´ ТЬЮ *нареч.* щуцIул; **~ пять–два́дцать пять** щуцIул щуго – къоло щуго

ПЯ´ ЧУСЬ, ПЯ´ ТИШЬСЯ *и т.д. наст. от* **пя´ титься**

Р

РАБ *м в разн. знач.* лагъ; **~ы´ капита́ла** капиталалъул лагъзал; **~ы´ свои´ х привы´ чек** жидерго хасиятазул лагъзал

РАБÁ *ж* лагъ, лагъай

РАБОВЛАДÉЛЕЦ *м* лагъзадерил бетIергьан

РАБОВЛАДÉНИЕ *с* лагълъи хIалтIизаби, лагъзадерида бетIергьанлъи гьаби

РАБОЛÉПИЕ *с* лагъ гIадин хIелхIеди, къула-ворхун хъулухъ гьаби

РАБОЛÉПСТВОВАТЬ *несов.* лагъ гIадин хIелхIедизе, къула-ворхун хъулухъ гьабизе

РАБÓТ//А *ж* 1) *в разн. знач.* хIалтIи; **~а дви´ гателя** двигателалъул (мотораълъул) хIалтIи; **~а сéрдца** рекIел хIалтIи; **физи´ ческая ~а** кверзулаб захIмат; **у́мственная ~а** гIакълияб хIалтIи; **дома́шняя ~а** рокъоб (гьабулеб) хIалтIи; **контро́льная ~а** (*халгьабиялъулаб*) контролияб хIалтIи; **пи´ сьменная ~а** хъвавулаб хIалтIи; **постоя´нная ~а** чIараб, цо ккураб, хисулареб, даимаб хIалтIи; **ме́сто ~ы** хIалтIулеб бакI; **поступи´ть на ~у** хIалтIуде лъугьине; **приступи´ть к ~е** хIалтIуде байбихьизе; **нала́дить ~у** хIалтIи рекъезабизе; **снять с ~ы** хIалтIудаса вахъизе; **разда́ть всем ~у** киназего хIалтIи (*бикъун*) кьезе; **то́нкая ~а** махщалида гьабураб, мухIканаб хIалтIи; **ороси´ тельные ~ы** лъалъадиялъулал хIалтIаби; **полевы´ е ~ы:** а) къватIир (авлахъалда) гьарулел хIалтIаби; б) хур-хералъул (хурул) хIалтIаби; **убо́рочные ~ы** бачIин бакIариялъул хIалтIаби; **земляны´е ~ы** ракьулал хIалтIаби; **принуди´тельные ~ы** хIалалъ гьаризарулел хIалтIаби; **печа́тные ~ы** басмаялда рахъарал хIалтIаби; **вы´ставка рабо́т изве́стного худо́жника** машгьурав художникасул хIалтIабазул выставка ◊ **уйти´ с голово́й в ~у** хIалтIулъ къан вукIине, кинабго кIочон тун хIалтIуде вуссине

РАБÓТА//ТЬ *несов. в разн. знач.* хIалтIизе, гьарудизе; **~ть на заво́де** заводалда хIалтIизе; **~ть на дому́** рокъов хIалтIизе; **~ть со словаре́м** словарьгун хIалтIизе; **механи´ зм ~ет хорошо́** механизм лъикI хIалтIулеб буго; **заво́д ~ет на у́гле** завод тIорччода хIалтIу-ла (тIорччоца хIалтIизабулеб буго); **телефо́н не ~ет** телефон хIалтIулеб гьечIо; **он лю´ бит ~ть** гьесие хIалтIизе бокьула; **се́рдце отка́зывается ~ть** рекIеца хIалтIизе инкар гьабулеб буго; **магази´н ~ет с восьми´ часо́в** тукен сагIат микьгоялдаса нахъе (микьгоялдасан) хIалтIула; **кем он ~ет?** щивлъун дов хIалтIулев вугев? **~ть рука́ми** квераз хIалтIизе; **~ть неда́лью** педалалъ хIалтIизе; **~ть на самого́ себя´** жиндиего хIалтIизе; **~ть на всю семью´** тIолабго хъизамалъе гIоло хIалтIизе, тIолабго хъизамалъул хIалтIи гьабизе ◊ **вре́мя ~ет на нас** заман нилъее пайдаялъе хIалтIулеб буго; **~ть над собо́ю** жиндаго тIад хIалтIизе, махшел камил гьабизе; **~ть голово́й** бетIер хIалтIизабизе

РАБО́ТА//ТЬСЯ *несов. безл.* **по утра́м хорошо́ ~ется** радарадал лъикI хIалтIизе кIола; **мне сего́дня ~ется** жакъа дида лъикI хIалтIизе кIолеб буго

РАБО́ТНИК *м в разн. знач.* 1) хIалтIухъан, хъулухъчи; **отли́чный ~** цIакъав хIалтIухъан; **нау́чный ~** гIелмияв хIалтIухъан 2) хIалтIун бажарулев чи; **в семье́ два ~а** хъизамалда хIалтIун бажарулев кIиго чи вуго 3) *уст. (батрак)* цеве тарав чи, цеветел

РАБО́ТНИЦА *ж* 1) хIалтIухъан (*чIужу*), хъулухъчIужу 2) рокъой тарай гIадан (*хIалтIи гьабизе*), цеетел

РАБОТОРГО́ВЛЯ *ж* лагъзал рича-хиси, лагъзадерил даран гьаби

РАБОТОСПОСО́БНОСТЬ *ж* хIалтIун бажари, хIалтIизе кIвей

РАБОТОСПОСО́БНЫЙ, -ая, -ое хIалтIизе кIолев, хIалтIун бажарулев

РАБОТЯ́ГА *м, ж разг.* хIалтIулев, хIалтIи бокьулев чи

РАБОТЯ́ЩИЙ, -ая, -ее *разг.* лъикI (*жигаралда*) хIалтIулев

РАБО́Ч//ИЙ[1] *м* хIалтIухъан; **подсо́бный ~ий** кумекалъе хIалтIи гьабулев чи, кумекчи-хIалтIухъан; **~ие и слу́жащие** хIалтIухъаби ва хъулухъчагIи

РАБО́Ч//ИЙ[2], -ая, -ее 1) хIалтIухъабазул(аб); **~ий класс** хIалтIухъабазул класс; **~ее движе́ние** хIалтIухъабазулаб багъа- бачари; **~ий райо́н** хIалтIухъабазул (хIалтIухъаби рукIунеб) район 2) (*предназначенный для работы*) хIалтIул; **~ий день** хIалтIул къо; **~е вре́мя** хIалтIул заман; **~ий черте́ж** хIалтIулаб чертеж; **~ее пла́тье** хIалтIулеб мехалъ ретIунеб ретIел; ретIел; **~ее ме́сто** хIалтIулеб бакI; 3) (*производящий полезную работу*) пайдаяб хIалтIи гьабулеб, хIалтIулеб; **~ая ло́шадь** хIалтIул чу ◊ **~ие ру́ки** хIалтIухъаби; **~ая си́ла** хIалтIулаб къуват, хIалтIухъаби

РА́БСКИЙ, -ая, -ое 1) (*тяжелый, непосильный*) лагъасул, лагъасулаб; **~ труд** захIматаб хIалтIи 2) (*покорный*) мутIигIаб; **~ хара́ктер** лагъаб (лагъилаб) гIамал-хасият

РА́БСТВ//О *с* 1) (*положение раба*) лагълъи; **освободи́ть от ~а** лагълъиялдаса эркен гьавизе 2) (*общественный строй*) лагъзадерилаб пачалихъияб гIуцIи

РАБЫ́НЯ *ж* лагъай

РАВВИ́Н *м* раввин (*жугьутIазул диниял бетIер*)

РА́ВЕНСТВО *с* (*одинаковость, подобие по величине, качеству*) бащалъи; **~ сил** къуват, хIал бащалъи; **~ во́зраста** гIумру, гIел бащалъи 2) (*положение людей в обществе*): **~ пе́ред зако́ном** законалда цере ращалъи; **~ прав** ихтиярал ращадал рукIин

РАВНЕ́НИЕ *с* 1) (*по гл.* **равня́ться**) (*в строю)* ритIун (*цо мухъида)* чIей; цоцада бащад гьаби; **~ напра́во!** (*команда*) кваранаб рахъалда ругезда ритIун чIа! 2) (*по кому, на кого перен.* бащад букIин (*гьаби*); **~ на передовико́в произво́дства** хIалтIул церехъабазда ращалъи, ращад гьари

РАВНИ́НА *ж* битIараб авлахъ, лъарагI, лъарагIлъи, ритIел

РАВНИ́ННЫЙ, -ая, -ое лъарагIаб, битIараб

РАВНО́ 1) *нареч.* бащад, бащадго 2) *в знач. сказ. чему* бащалъула, букIуна, буго; **четы́ре плюс два ~ шести́** ункъоялде кIиго жубани анлъго букIуна 3) *союз* гьединго ◊ **все ~** а) (*безразлично*) батIалъи гьечIо б) (*несмотря ни на что*) сундухъго балагьичIого; **он все ~ придёт** дов сундухъго балагьичIого вачIина

РАВНОБЕ́ДРЕННЫЙ, -ая, -ое кIиго хьибил бащадаб; **~ треуго́льник** *мат.* кIиго хьибил (рахъ) бащадаб лъабокIон

РАВНОВЕЛИ́К//ИЙ, -ая, -ое кIодолъи бащадаб, цогояб кIодолъиялъул; **~ие треуго́льники** кIодолъи бащадал треугольникал

РАВНОВЕ́СИ//Е *с* 1) *физ. (состояние покоя*) гIодобе биччараб, чIара-хьараб хIал; **душе́вное ~е** рекIел гIодобе биччай (парахалъи) 2) цIайи бащалъи, цIавулъ бащалъи; **~ сил** гучалъул бащалъи ◊ **вы́вести** *кого-л.* **из ~я** *лъилниги* рекIел парахалъи хвезабизе

РАВНОДЕ́ЙСТВУЮЩ//ИЙ, -ая, -ее гьединабго, релълъараб асар гьабулеб

РАВНОДЕ́НСТВИЕ *с астр.* сордоги къоги бащалъи; **весе́ннее ~** ихдал сордоги къоги бащалъи; **осе́ннее ~** хасалихъе сордоги къоги бащалъи

РАВНОДУ́ШИЕ *с* кIвар гьечIолъи, ракI гьечIолъи; **прояви́ть по́лное ~** тIубанго ракI гьечIолъи бихьизабизе

РАВНОДУ́ШН//ЫЙ, -ая, -ое кIвар (*ракI*) гьечIеб, батIалъи гьечIеб; **оста́ться ~ым** *к кому-чему-л.* ракI гьечIого вукIине, ракI унтичIого вукIине, кIвар гьечIевлъун вукIине

РАВНОЗНА́ЧАЩИЙ, -ая, -ее, **равнозна́чный,** -ая, -ое кIвар бащадаб, цого магIна бугеб; **равнозна́чные величи́ны** цоцада ращадал роценал

РАВНОМЕ́РНОСТЬ *ж* цокIаллъи, роцадулъ ращалъи

РАВНОМЕ́РН//ЫЙ, -ая, -ое цокIалаб, роцадулъ бащадаб; **~ое разви́тие** цокIалаб цебетIей; **~ое распределе́ние** бащадго бикьи

РАВНОПРА́ВИЕ *с* ихтияр бащалъи; **~ всех гра́ждан** киналго гражданазул ихтияр бащалъи

РАВНОПРА́ВН//ЫЙ, -ая, -ое ращадаб, цогоял ихтиярал ругеб, ихтиярал ращадаб; **~ые наро́ды** ихтиярал ращадал халкъал; **~ый догово́р** цоцазда бащадаб (*цогояб*) ихтияралъул къотIи

РАВНОСИ́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое 1) (*равной силы*) цо гIадаб гуч бугеб, къуватазулъ бащадаб 2) (*равнозначный*) цогидаб гIадаб, цогидалда кIвар бащадаб; **тако́й отве́т равноси́лен отка́зу** гьеб жаваб нахъчIваялда бащадаб буго

РАВНОСТОРО́ННИЙ, -яя, -ее *мат.* хьалбал ращадаб; **~ треуго́льник** хьалбал ращадаб лъабокIон

РАВНОУГО́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое *мат.* бокIнал ращадаб; **~ треуго́льник** бокIнал ращадаб лъабокIон

РАВНОЦЕ́ННЫЙ, -ая, -ое *прям., перен.* къимат бащадаб, багъа цояб, цо къагIидаялъул кIвар бугеб, цого кIваралъул

РА́ВН//ЫЙ, -ая, -ое *в разн. знач.* тIубанго релълъараб, цо гIадаб, цокIалаб, бащадаб; **~ые си́лы** ращадал къуватал; **~ые права́** ращадал ихтиярал; **ему нет ~ых** досде вахунев чи гьечIо ◊ **~ым о́бразом** гьединго, цого къагIидаялъ

РАВНЯ́//ТЬ *несов. кого-что* 1) (*делать равным, равноценным*) бащалъизабизе, даража цо гьабизе; **смерть всех равня́ет** хвалица киналго ращад гьарула 2) *с кем-чем (считать равным*) бащад гьабизе; **ты его с собо́й не ~й!** дуца гьов дудаго ващад гьавуге! 3) *чему (быть равным)* бащад букIине (*ккезе*); **три́жды три ~ется девяти́** лъабцIул лъабго ичIго ккола

РАВНЯ́ТЬСЯ *несов.* 1) *по кому-чему (строю)* кьерда ритIун чIезе 2) *на кого, по кому* бащалъизе, бащалъулевлъун вукIине; **~ по передовика́м** хIалтIул церехъабазда ращалъизе; **~ куда́ нам с ним ~!** киса нилъ гьесде рахунел!

РАГУ́ *с нескл.* рагу (*гIисин буссараб гьанал гьабураб дандежо*)

РАД *в знач. сказ. кому-чему, с неопр. и с союзами «что», «когда», «если»* вохарав вуго, разияв вуго; **я о́чень ~ ви́деть вас** дун мун вихьиялдаса цIакъ вохарав вуго; **~ встре́че** дандчIваялдаса вохарав вуго ◊ **я и сам не ~** дунгоги разияв гьечIо; **~ стара́ться!** кидаго хIадурав вуго! **~ – радёшенек** цIакъ вохун

РАДА́Р *м* радар (радиолока́тор)

РАДА́РН//ЫЙ, -ая, -ое радарияб; **~ая ста́нция** радарияб (радаразул) станция

РА́ДИ *предлог с род. п.* гIоло; **~ э́того** гьелъие гIоло; **~ вас** нужее гIоло; **чего́ ~?** сундуе гIоло? **~ дру́жбы** гьудуллъиялъе гIоло ◊ **~ бо́га!** Аллагьасе гIоло! **~ де́нег** гIарцуе гIоло; **~ шу́тки** махсараялъе гIоло; **~ сме́ха** релъизе гIоло

РАДИА́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое радиалияб, радиусалдасан унеб

РАДИА́ТОР *м* 1) радиатор (*тех. моторалъул лъим цIорозабулеб алат*) 2) радиатор (*рукъ хинлъизабулеб алат*)

РАДИА́ЦИЯ *ж* радиация (*атомазул ядрабазул чвахи; сундулниги чIорал бакъулъан сверда-сверун тIуритIи*)

РА́ДИЙ *м* радий (*хим. элемент, металл*)

РАДИКА́Л[1] *м* 1) *полит* радикал. *(гIисинаб ва гьоркьохъеб буржуазиялъул мурадал цIунулеб буржуазияб партиялъул член)* 2) радикалияб партиялъул рахъ ккурав чи

РАДИКА́Л[2] *м мат., хим.* радикал

РАДИКА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое 1) *полит.* радикалияб; радикалазулаб; 2) (*решительный, коренной*) кьучIдасанго гьабулеб; **~ые измене́ния** кьучIдасанго гьарулел хиса-басиял; **приня́ть ~ые ме́ры** таваккалал тадбирал гьаризе

РАДИКУЛИ́Т *м мед.* радикулит (*гьодил нахалъул нерваби гьорой*); **у него́ ~** досул радикулит буго

РА́ДИО *с нескл.* радио; **слу́шать ~** радиоялъухъ гIенеккизе; **вы́ступить по ~** радиоялдасан кIалъазе; **провести́ ~** радио бачине

РАДИОАКТИ́ВНОСТЬ *ж* радиацияги кьолаго, химиялъул элементазул атомазул ядраби жалго жидедасанго яги сундулниги кумекалдалъун риххи

РАДИОАКТИ´ ВН//ЫЙ, -ая, -ое радиоактивияб; **~ый распа́д** радиоактивияб биххи; **~ые вещества́** радиацияги кьолаго, атомазул ядраби жалго жидедасанго риххулел вещественаби

РАДИОВЕЩА́НИЕ *с* 1) радиоялдасан калам, музыка кьей; **~ для молодёжи** гIолилазе радиопередача (гIолилазе кьолеб музыка, калам)

РАДИОВОЛНА́ *ж* радиоволна, радиоялъул карачел (*кварал гьечIого, сигналал рикIкIаде кьезе хIалтIизарулел электромагниталъулал карачелал*)

РАДИОГРА́ММ//А *ж* радиограмма *(радиотелефоналъ кьураб хабар, баян);* **~ пришла́** радиограмма бачIана; **посла́ли ~у** радиограмма битIана (кьуна)

РАДИОЖУРНА́Л *м* радиожурнал

РАДИОЗО́НД *м метеор.* радиозонд *(батIи-батIияб борхалъиялда хинлъи-цIорой, тIадецуй, реччел ва гь. ц. борцине понцIораб шаралъул кумекалдалъун гьаваялде биччалеб хасаб алат*)

РАДИОКОММЕНТА́ТОР *м* радиокомментатор (*радиоялдасан баянал кьолев чи*); **выступле́ние ~а** радиокомментаторасул кIалъай

РАДИОКОНЦЕ́РТ *м* радиоялъ кьолеб концерт; **слу́шать ~** радиоялдасан кьолеб концерталъухъ гIенеккизе (гIин тIамизе)

РАДИО́ЛА *ж* радиола (*проигрывательги бугеб радиоприемник*)

РАДИОЛА́МПА *ж* радиолампа (*радиоялъулал аппаратазул чирахъ*)

РАДИОЛОКА́ТОР *м* радиолокатор (*радиоялъулал карачелазул кумекалдалъун гьаваялда ва ралъдалъ ругел батIи-батIиял роржунел, лъедолел жал (самолетал, ракетал, гумул ва гь. ц.*) *ралагьулеб, гьел ругеб бакI бихьизабулеб прибор)*

РАДИОЛОКАЦИО́НН//ЫЙ, -ая, -ое радиолокациялъулаб; **~ые систе́мы** радиолокациялъулал системаби

РАДИОЛОКА́ЦИЯ *ж* радиолокация (*радиолокаторазул кумекалдалъун роржунел, лъедолел жал (самолетал, ракетал, гумул*) *ралагьи, гьел ругеб бакI бихьизаби; гьелда тIад хIалтIулеб хасаб гIелму ва техника)*

РАДИОЛЮБИ́ТЕЛЬ *м* радиоялъул иш бокьулев (гьелда тIад хIалтIулев, гьеб хIалтIизабулев) чи

РАДИОНАВИГА́ЦИЯ *ж* радионавигация

РАДИООБОРУ´ ДОВАНИЕ *с* радиооборудование

РАДИОПЕРЕДА́ТЧИК *м* радиопередатчик (*радиоялъул хабар, сигнал жиндица кьолеб аппарат*)

РАДИОПЕРЕДА́Ч//А *ж* 1) радиоялъ (*щибниги жо*) бицин, кьей 2) радиоялъ кьолеб (*бицунеб*) жо; **слу́шать ~у** радиоялъ кьолелъухъ гIин тIамизе (гIенеккизе); **гото́вить ~у** радиоялъ кьезе (*бицине жо*) хIадур гьабизе

РАДИОПЕРЕКЛИ́ЧКА *ж* радиоперекличка (*радиоялдасан цоцада ишалъул, хIалтIул хIакъикъат бицин, цоцахъе информация кьей*)

РАДИОПРИЁМНИК *м* радиоприёмник; **слу́шать ~** радиоприёмникалъухъ гIенеккизе

РАДИОПОСТАНОВКА *ж* радиоялдасан кьолеб пьеса; **гото́вить ~у** радиоялдасан кьезе пьеса хIадур гьабизе

РАДИОРЕПОРТА́Ж *м* радиорепортаж (*ишд, лъугьа-бахъин ккараб (кколеб) бакIалдасан (стадионалдасан, заводалдасан ва гь.ц.*) *бицин, кьей)*

РАДИОСВЯ´ ЗЬ *ж* радиосвязь, радиобухьен, радиоялъул кумекалдалъун гьабулеб бухьен; **нала́дить ~** радиобухьен битIабишизабизе (*ре-къезабизе*), букIинабизе

РАДИОСЕ́ТЬ *ж* радиосеть (*кьолелги босулелги радио-станциязул сеть*)

РАДИОСИГНА́Л *м* радиосигнал; **переда́ть ~** радиосигнал кьезе

РАДИОСЛУ´ ШАТЕЛЬ *м* радиоялъухъ гIенеккулев

РАДИОСЛУ´ ШАТЕЛЬНИЦА *ж* радиоялъухъ гIенеккулей

РАДИОСТА́НЦИЯ *ж* радиостанция

РАДИОСТУ´ ДИЯ *ж* радиостудия (*передачаби кьезе хас гьабун къачIараб рукъ*)

РАДИОТЕЛЕГРА́Ф *м* радиотелеграф (*телеграммаби росулеб, ритмулеб радиоялъулаб бухьен; гьедин хIалтIулеб идара, станция*)

РАДИОТЕРАПИ́Я *ж мед.* радиотерапия (*радиялъ яги батIияб радиоактивияб веществоялъ дару гьаби*)

РАДИОТЕ́ХНИК *м* радиотехник, радиотехника къачIалев чи

РАДИОТЕ́ХНИКА *ж* радиотехника, радиоялъул техника

РАДИОТО́ЧКА *ж* радиоточка; **в ка́ждом до́ме име́ется ~** щибаб рокъоб радиоточка *(радиоялъ кьолел передачаби кколеб установка)* буго

РАДИОТРАНСЛЯ´ ЦИЯ *ж* радиоялъ кьей (*радиоялъул кваразул мухъалъул бухьеналдалъун*)

РАДИОУ´ ЗЕЛ *м* радиоузел, радиобухьеналъе хас гьабун гьабураб пункт

РАДИОУСТАНО́ВКА *ж* радиоустановка (*кибниги рекъезабун лъураб радиоаппарат яги радиоаппаратазул система*)

РАДИОФИКА́ЦИЯ *ж* радиофикация (1 *радиоаппаратура кибниги лъей, рекъезаби* 2 *радиоустановкаби, радиоялъул бухьен гIатIидго тIибитIизаби*)

РАДИОФИЦИ´ РОВАТЬ *сов. и несов. что* радиофикация гьабизе (*радиоялъул бухьен гIатIидго тIибитIизабизе*)

РАДИОЦЕ́НТР *м* радиоцентр (*бухьеналъе, передачабазе гIемераб техника жаниб рекъезабурал рукъзал*)

РАДИОЭЛЕКТРО́НИКА *ж* радиоэлектроника

РАДИ́РОВАТЬ *сов. и несов. что* радиоялдасан лъазабизе (*кьезе*)

РАДИ´ СТ *м* радист (*радиоялдалъун передача кьолев ва къабул гьабулев чи*)

РАДИ´ СТКА *ж* радистка (*радиоялдалъун передача кьолей ва къабул гьабулей гIадан*)

РА́ДИУС *м* 1) *мат.* радиус 2) *перен. щибниги* гIунтIулеб, щолеб, тIибитIулебщинаб манзил

РА́Д//ОВАТЬ *несов. кого-что* вохизавизе; **отца́ ~уют успе́хи сы´на** васасул бергьенлъабаз эмен вохизавула

РА́ДОВАТЬСЯ *несов.* вохизе; **у меня´ душа́ ра́дуется при ви´ де детей́** лъимал рихьигун, дир ракI бохула (*дун цIакъ вохула*); **оте́ц обра́довался на́шему прихо́ду** ниж рачIиналдаса эмен вохана

РАДО́Н *м* радон (*хим. элемент, газ*)

РА́ДОСТНО 1. *нареч.* вохун, аваданго; **он ~ приве́тствовал нас** дос нижеда вохун дандчIвай гьабуна **2**. *в знач. сказ. безл.*: **мне ~** дун вохун вуго

РА́ДОСТН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*выражающий радость*) рохалил(аб), аваданаб; **~ый день** рохалил (аваданаб) къо, рохараб къо; 2) (*вызывающий радость)* рохизарулеб; **~ая весть** (рохизарулеб) рохалилаб хабар

РА́ДОСТ//Ь *ж* рохел; **с ~ью** вохун; **доста́вить ~ь** *кому-л. щивниги* вохизавизе ◊ **на ~ях** вохиялъ

РА́ДУГА *ж* нур, нуралъул кIамури; **цвета́ ~и** нуралъул кьерал

РА́ДУЖН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*многоцветный*) кьер-кьераб, нур гIадаб 2) *перен.* рохалилаб, талихIаб, лазатаб; **~ые мечты´** лазатал анищал; **быть в ~ом настрое́нии** рохалилаб хIалалда вукIине; ◊ **~ая оболо́чка** *анат.* кьер бугеб хъал (*берзул*)

РАДУ´ ШИЕ *с* рекIелаб, реэдараб бербалагьи; (гьобол) рохун къабул гьави, гьумер битIун къабул гьави; **прояви´ть ~** рекIелаб бербалагьи гьабизе, гьумер битIун къабул гьавизе

РАДУ´ ШНЫЙ, -ая, -ое рекIелаб, ракI битIараб, гьумер битIараб; **~ хозя´ин** гьумер битIарав рукъалъул бетIергьан; **~ приём** рекIелаб, гьумер битIараб къабул гьари

РАЖ *м разг.* кутакалда гьалагIъи, ццин бахъин, кутакалда хехдари ◊ **войти´ в ~** кутакалда гьалагIъизе, хехдаризе

РАЗ[1] *м* 1) *нескл. (при счете)* цо; **~, два** цо, кIиго; 2) *в разн. знач.* -цIул, нухалъ; **два ~а** кIицIул; **семь ~ отме́рь, оди´н ~ отре́жь** анкьцIул борце, цин къотIе; **оди´н ~** цоцIул, цо нухалъ; **мно́го ~** гIемер нухалъ; **не ~** чанго нухалъ; **в пе́рвый ~** тIоцебесеб нухалъ; **в после́дний ~** ахирисеб нухалъ; **вся´кий ~** щибаб нухалъ, кидаго ◊ **~ (и) навсегда́** тIубанго, кидагоялъе; **в са́мый ~** жиндир гIужда, битIун; **в са́мый ~ тепе́рь спать** гьанже бищунго кьижизе данде ккколеб мех (*буго*); **как ~** битIухъе, битIун гIужда; **вот тебе́ и ~** *разг.* ма, босе гьанже; **~ за ~ом** *разг.* чIечIого, нахъа-

са къотIичIого; **боти́нки ему́ как** ~ хьитал гъосие битIун ккун руго (*дурус ккун руго*)

РАЗ[2] *союз.* батани; ~ **не зна́ешь, не говори́** (*дуда*) лъалареб батани, абуге; ~ **так, то не ходи́ к нам** гьедин батани, нижехъе вачIунге

РАЗБА́ВИТЬ *сов. что* гьорлъе лъим жубазе (*сделать менее крепким или более жидким*); ~ **молоко́** рахьдалъе лъим жубазе; ~ **спирт** спирталда гьорлъе лъим жубазе; лъама гьабизе

РАЗБА́ВИТЬСЯ *сов.* лъамалъун ине, лъамалъизе

РАЗБАВЛЕ́НИЕ *с* лъама гьаби

РАЗБАВЛЯ́ ТЬ *несов. см.* **разба́вить**

РАЗБАЗА́РИВАНИЕ *с* (*по гл.* **разбаза́ривать**) гIадада хвезаби, бокьухъин хвезаби, бокьухъин харж гьаби, чIалгIаде хвезаби

РАЗБАЗА́РИВАТЬ *несов. см.* **разбаза́рить**

РАЗБАЗА́РИТЬ *сов. кого-что прям., перен.* гIадада тIагIинабизе; бича-хисун тIагIинабизе, чIалгIаде хвезабун лъугIизабизе; ~ **де́ньги** гIарац гIадада хвезабизе; ~ **вре́мя** заман гIадада хвезабизе

РАЗБА́ЛИВАТЬСЯ[1,2] *несов. см.* **разболе́ться**[1,2]

РАЗБА́ЛОВАТЬ *сов. кого разг.* цIикIкIун гогьдаризавизе; ~ **ребёнка** лъимер цIикIкIун гогьдаризабизе

РАЗБА́ЛОВАТЬСЯ *сов.* цIикIкIун гогьдаризе; цIикIкIун гогьдаризе лъугьине

РАЗБА́ЛТЫВАТЬ[1,2] *несов. см.* **разболта́ть**[1,2]

РАЗБА́ЛТЫВАТЬСЯ *несов. см.* **разболта́ться**[1]

РАЗБЕ́Г *м* (*по гл.* **разбежа́ться**) кIанцIизелъун лъикIаб хIалалъ векери; **прыг гнуть с ~а (~у)** кутакалда векерун кIанцIизе

РАЗБЕ́ГАТЬСЯ *сов. разг.* батIи-батIияб рахъалде рекеризе

РАЗБЕГА́ТЬСЯ *несов. см.* **разбежа́ться**

РАЗБЕЖА́//ТЬСЯ *сов.* 1) (*в разные стороны*) рахъ-рахъалде рекерун ине; **де́ти ~лись** лъимал рахъ-рахъалде рекерун ана 2) (*набрать скорости для прыжка*) кIанцIизелъун кIудияб хех-лъиялда векеризе ◊ **у меня́ глаза́ ~лись** дир берал риххун хутIана

РАЗБЕРЕДИ́ТЬ *сов. кого-что* 1) (*усилить боль прикосновением*) багъаризабизе, бигъинабизе; ~ **ра́ну** ругъун багъаризабизе, бигъинабизе 2) *перен. (растревóжить)* араб-тараб цIилъизабизе

РАЗБИВА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **разби́ ть(ся)**

РАЗБИ́ВКА *ж* (*по гл.* **разби́ть**) 1) бутIабазде бикьи; ~ **на гру́ппы** группабазде бикьи 2) гьаби; ~ **са́да** ах гьаби 3) чIвай; ~ **шатра́** чадир чIвай 4) *полигр.* текст бутIабазде бикьи; ~ **строк в набо́ре** наборалда (*рищулаго*) мухъал рекъезари

РАЗБИНТОВА́ТЬ *сов. что* бинт (*катан*) бахъизе (бичизе); ~ **ру́ку** квералдаса бинт (*катан*) бичизе

РАЗБИНТОВА́//ТЬСЯ *сов.* 1) бичун жиндасаго бинт бахъизе 2) бичун ине (*жибго*); **рука́ ~лась** квералдаса бинт бичун ана

РАЗБИНТО́ВЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **разбинтова́ть(ся)**

РАЗБИРА́ТЕЛЬСТВО *с* цIех-рех гьабун балагьи, судалъ хал гьаби

РАЗБИРА́ТЬ *несов.* 1) *см.* **разобра́ть** 2) *кого-что* хал гьабизе; **брать всё не разбира́я** хал гьабичIого цебе батанщинаб босизе

РАЗБИРА́//ТЬСЯ *несов.* 1) *см.* **разобра́ться** 2) (*быть разо бранным*): **э́ тот аппара́т ~ется на ча́сти** гьаб аппарат бутIабазде биххула 3) щибго лъазе, щибго бичIчIизе; **~ться в иску́сстве** искусство бичIчIизе

РАЗБИТНО́Й, -а́я, -о́е *разг.* лебалав, тулакав, кепав; ~ **па́рень** лебалав, речIчIа-регIарав вас

РАЗБИ́Т//ЫЙ, -ая, -ое гьурараб, бекараб, бек-бекараб; **~ая ча́шка** бекараб чашка 2) (*раненый*) лъукъараб, бекараб; **~ая голова́** бекараб (лъукъараб) бетIер 3) (*разрушенный*) биххараб; **~ая жизнь** биххараб, хвараб гIумру 4) (*побежденный*) щущававурав; **~ый враг** щущазавурав, къезавурав тушман 5) (*усталый*) свакараб, хIал лъугIараб; **чу́вствовать себя́ ~ым** свакан вукIин, хIал лъугIи бичIчIизе ◊ **оста́ться у ~го коры́та** чара тIагIун хутIизе, гьабунщинаб гIадада ккезе

РАЗБИ́ //ТЬ *сов.* 1) *что прям., перен.* бекизе, гъуризе; **~ть таре́лку** гъадаро бекизе; **~ть жизнь** гIумру хвезабизе; **~ть сча́стье** талихI къинабизе; 2) *кого-что (поранить*) лъукъизе; **~ть го́лову** бетIер лъукъизе 3) *кого-что (нанести поражение*) щущазавизе, къезавизе; ~ **врага́** тушман щущазавизе; **~ть на́голову** тIубанго щущахъ виххизавизе 4) *кого-что (об ударе и т.п.*) гIодов ккезавизе; **его́ ~л парали́ч** гъов палижалъ ккун вуго 5) *кого-что(разделить на части*) бутIабазде бикьизе; **~ть зе́млю на уча́стки** ракь бутIабазде бикьизе 6) *что (устроить, расположить)* гьабизе, гIуцIизе; **~ть ла́герь** лагерь гIуцIизе; **~ть шала́ш** хъош гьабизе; **~ть сад** ах гьабизе 7) *что (разрушить, нарушить)* бич-бичизе, биххизе 8) *полигр.* лъедер гьаризе (*басмаялда бахъулеб жоялъул мухъал*), гьоркьобакI кIодо гьабизе

РАЗБИ́ //ТЬСЯ *сов.* 1) бекизе, щущазе, гъуризе; **~лся стака́н** стакан бекана 2)*разг. (прийти в негодность)* щущан ине, пайда босиялдаса ине; **теле́га ~лась** гьоко щущан ана 3) (*расшибиться)* гIодов речIчIун (*ккун*), *цощинаб* лага бекизе, гъура-чункизе; **он упа́л с ло́шади и ~лся** дов чодаса вортана ва гъура-чункана 4) (*разделиться на части*) бутIабазде бикь-бикьизе; **экску́рсия ~лась на гру́ппы по 8 челове́к** экскурсия микь-микь чи вугел къокъабазде бикь-бикьана

РАЗБО́Й *м (насилие)* хъачагъльи, талавурчилъи, гъарачилъи

РАЗБО́ЙНИК *м* хъачагъ, талавурчи, гъарачи

РАЗБО́ЙНИЦА *ж* хъачагъай

РАЗБО́ЙНИЧАТЬ *несов.* хъачагъльи, талавурчилъи гьабизе

РАЗБО́ЙНИЧЕСКИЙ, -ая, -ое, **разбо́йничий,** -ья, -ье хъачагъазулаб; **разбо́йничья ша́йка** хъачагъазул руккел (*тIел*); **разбо́йничье нападе́ние** хъачагъазулаб тIадекIанцIи

РАЗБОЛЕ́ТЬСЯ[1] *сов. (расхвораться)* цIикIкIун-цIикIкIун унтизе байбихьизе (лъугьине) (*щивниги*)

РАЗБОЛЕ́//ТЬСЯ[2] *несов. (об органах, частях тела)* кутакалда унтизе лъугьине; **у меня́ ~лась голова́** дир бетIер кутакалда унтизе лъугьана; **у него́ ~лись зу́бы** гьесул гIусал кутакалда унтизе лъугьана

РАЗБОЛТА́ТЬ[1] *сов. что разг.* 1) (*размешать*) хьвагIезабун жуба-гъубазабизе 2) (*расшатать*) чучлъизабизе; ~ **га́йку** гайка чучлъизабизе

РАЗБОЛТА́ТЬ[2] *сов. что разг. (рассказать)* балъголъи бицине, киназдаго рагIизабизе

РАЗБОЛТА́//ТЬСЯ[1] *сов. разг. (от взбалтывания)* жуба-гъубазе 2) (*расшататься)* чучизе, чучун ине; **колёсики в часа́х ~лись** сагIтил чархал чучун руго; **га́йки ~лись** гайкаби чучун руго

РАЗБОЛТА́ТЬСЯ[2] *сов. разг. (увлечься болтовней)* гара-чIварулел рукIине

РАЗБОМБИ́ ТЬ *сов. что* гьаваялдасан бомбаби ран щущазабизе, биххизабизе

РАЗБО́Р *м* **1.** (*по гл. разобрать)* цIех-рех гьаби, бичIчIи, лъай; **с разбо́ром выбира́й друзе́й** лъан рище гьудулзаби; ~ **де́ла** ишалъул цIех-рех гьаби **2**. *грам.* грамматикияб разбор; **граммати́ -ческий ~ предложе́ния** предложениялъул грамматикияб разбор **3.** (*сорт*) сорт; **мука́ второ́го ~а** кIиабилеб сорталъул ханжу **4.** *тип. биххи* (*басмаялда пайда босун хадуб набор биххи*) ◊ **без ~у** хал гьабичIого; **прийти́ к ша́почному ~у** ахиралда вачIине, кинабго лъугIулеб мехалъ вачIине

РАЗБО́РКА *ж* 1) (*по гл.* **разобра́ть**) биххбиххи; бищи; бичи; ~ **часо́в** сагIат цоцалъа бахъ-бахъи; ~ **стены́** къед бичи, биххизаби 2) (*приведение в порядок, сортировка*) гIадлу-низамалде бачин сортал (ратIа) гьари

РАЗБО́РНЫЙ, -ая, -ое бича-биххулеб, биххизе (батIа-батIа гьабизе) рес бугеб; биххизе, цинги дандбазе бегьулеб; ~ **дом** биххизе, батIа-батIа гьабизе рес бугеб мина

РАЗБО́РЧИВЫЙ, -ая, -ое 1) (*требовательный в выборе*) *щибнги* къваригIараб жо бищиялъулъ цIодорав, мухIканав 2) щибго жо лъалев, бегIерав, цIодорав, нахъгIунтIулев 3) (*четкий*) бичIчIулеб, баянаб; ~ **по́черк** бичIчIулеб (*бигьаго цIализе кIолеб*) хатI

РАЗБРАНИ́ ТЬ *сов. кого-что разг.* кутакалда семизе, вагъизе, хьандезе

РАЗБРА́СЫВАТЬ *несов. см.* **разброса́ть**

РАЗБРА́СЫВАТЬСЯ *несов. см.* **разброса́ться 2,3**

РАЗБРЕДА́ТЬСЯ *несов. см.* **разбрести́ сь**

РАЗБРЕСТИ́СЬ *сов.* рахъ-рахъалде щущан ине, тIибитIун ине; ~ **по дома́м** рокъо-рокъоре рикь-рикьун ине; **коро́вы разбрели́сь** гIачи рахъ-рахъалде тIиритIун ана

РАЗБРО́Д *м* 1) (*по гл. разбрестись)* низам биххи; низам (тартиб) гьечIолъи 2) (*разлад*) дандеккунгутIи; **иде́йный** ~ идеялъулаб да́ндеккунгутIи

РАЗБРО́САНН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*отдаленный друг от друга*) цояб цояздаса рикIкIадаб, щущараб, рахъ-рахъалде тIибитIараб;

~ые до́мики гIадлу гьечIого рарал рукъзал 2) (*беспорядочный, хаотичный*) низам гьечIеб, щущан араб

РАЗБРОСА́ТЬ *сов.* рахъ-рахъалде щущазабизе, рехизе; **~ удобре́ние** ракь беэн гьабулеб жо рахъ-рахъалде рехизе; **~ бума́ги** кагътал рахъ-рахъалде разе, кагътал щущазаризе

РАЗБРОСА́ТЬСЯ *сов. разг.* 1) (*увлечься бросанием) щибниги жо* рахъ-рахъалде рехулаго, хьуртIизабулаго тIасан ккезе 2) жиндирго къайи-матахI рахъ-рахъалде щущан тезе, бакI-бакIалде рехун букIине 3) *перен. (заняться многим*) батIи-батIиял ишазде жувазе (вуссине, вазе)

РАЗБРЫ́ЗГАТЬ *сов. что* 1) (*рассеять брызгами*) щвазе, тIирагъинабизе, пунхъизе 2) *разг. (брызгая израсходовать)* щван, пунхъун лъугIизабизе

РАЗБРЫ́ЗГИВАТЕЛЬ *м* щвалеб алат, пунхъулеб алат

РАЗБРЫ́ЗГИВАТЬ *несов. см.* **разбры́згать**

РАЗБУДИ́ТЬ *сов. прям., перен.* ворчIизавизе, вахъинавизе (*кьижаралъуса*); **~ ребёнка** лъимер борчIизабизе; **~ не́нависть к врагу́** тушманасде рокьукълъи бижизабизе

РАЗБУХА́ТЬ *несов. см.* **разбу́хнуть**

РАЗБУ́Х//НУТЬ *сов.* 1) цуризе, боргьине; **доска́ ~ла** хъарщи цурун букIана 2) *перен. разг. (увеличиться)* кIодолъизе, цIакъ цIикIкIине

РАЗБУШЕВА́//ТЬСЯ *сов.* кутакалда гьалаглъизе лъугьине; **ве́тер ~лся** гьури кутакалда гьалаглъизе лъугьана; **мо́ре ~лось** ралъад кутакалда гьалаглъизе лъугьана

РАЗВА́Л *м* **1**. биххун тIатIала ккей, биххи, биххизаби **2**. (*беспорядок*) низам биххи, тIубан бада-гъудур лъугьин; **~ хозя́йства** магIишаталъул низам биххи, кIалагъоркье чIвай **3**. халаса хъухъараб чIалуялъул башдаб

РАЗВА́ЛИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **развали́ ть(ся)**

РАЗВА́ЛИН//А *ж* 1) *мн.* **~ы** биххараб бакI, чIунтел, чIуди 2) *перен. разг. (о человеке*) черх чIунтарав, херлъун тату хварав чи, унтуца ккурав чи

РАЗВАЛИ́ТЬ *сов. что* 1) (*разрушить*) биххизабизе, биххизе, биххун щущазабизе, тIатIала ккезабизе, чIунтизабизе; **~ сте́ну** къед биххизабизе 2) *перен. (привести в упадок)* тIубан биххизабизе, низам хвезабизе, кIалагъоркье чIвазабизе

РАЗВАЛИ́ //ТЬСЯ *сов.* 1) (*разрушиться)* биххун ине, чIунтизе; **стена́ ~лась** къед биххун ана 2) *перен. (прийти в упадок)* тIубан низам биххизе; **хозя́йство ~лось** магIишаталъул тIубан низам биххана 3) (*небрежно сесть*) гIебеде чIван (ре́хун) тараб жо гIадин гIодов чIезе; бичча-бихъан къаркъалагун гIодов чIезе

РАЗВА́РИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **развари́ ть(ся)**

РАЗВАРИ́ТЬ *сов. что* цIакъго белъинабизе; **~ мя́со** гьан цIакъго белъинабизе, белъудаса инабизе

РАЗВАРИ́ТЬСЯ *сов.* гIемер белъун билъ-билъун ине; бе-лъудаса иналъ билъ-билъизе, белъудаса ине

РА́ЗВЕ 1. *частица* 1) *вопр.* -ищ, -ищха; **~ мо́жно так де́лать?** гьедин гьабизе бегьулебищ? **~ он прие́хал?** гъов вачIаравищха **2**. *союз* (*если только не*) нагагь

РАЗВЕВА́//ТЬ *несов. что* парпадизабизе, рахъ-рахъалде хьвагIезабизе; **ве́тер ~ет фла́ги** гьороца байрахъал парпадизарулел руго

РАЗВЕВА́//ТЬСЯ *несов.* парпадизе, рахъ-рахъалде хьвагIезе; **~ются кра́сные знаме́на** багIарал байрахъал парпадулел руго

РАЗВЕ́ДАТЬ *сов.* 1) *что о ком-чем разг. (узнать*) цIех-рех гьабун лъазе; **~** *о чьих-л.* **наме́рениях** *лъилниги* къасдал лъазаризе 2) *что воен.* разведка гьабизе, цIех-рех гьабизе 3) *что геол.* **~ ме́стность** бакIалъул цIех-рех гьабизе

РАЗВЕДЕ́НИЕ *с* (*по гл. **развести́**)* 1) хьихьи, хьихьун гIезаби; **~ скота́** боцIи хьихьун гIезаби 2) бижизаби; **~ садо́в** ахал ижизари 3) баки, рекIинаби; **~ огня́** цIа рекIинаби

РАЗВЕ́ДКА *ж* **1.** (*по гл.* **разве́дать**) разведка гьаби, цIех-рех гьаби **2**. *воен.* разведка; **агенту́рная** ~ агентураялъулаб разведка **3**. *геол.* цIех-рех гьаби, балагьи; **~ месторожде́ний га́за** газ бугеб бакI балагьи, газалъул цIех-рех гьаби

РАЗВЕ́ДОЧН//ЫЙ, -ая, -ое *в разн. знач.* разведкаялъулаб; **~ый отря́д** *воен.* разведкаялъулаб къукъа; **~ая рабо́та** *геол.* цIех-рехалъулаб хIалтIи

РАЗВЕ́ДЧИК *в разн. знач.* 1) разведчик (*воен. разведкаялъ витIарав аскарияв*) 2) шпион, жасус

РАЗВЕ́ДЧИЦА *ж* разведчица

РАЗВЕ́ДЫВАТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое *в разн. знач.* цIех-рех гьабулеб, разведка гьабулеб, разведкаялъулаб; **~ый отря́д** *воен.* разведка гьабулеб къукъа; **~ая па́ртия** *геол.* разведка, цIех-рех гьабулеб къокъа

РАЗВЕ́ДЫВАТЬ *несов. см.* **разве́дать**

РАЗВЕЗ//ТИ́ *сов. кого-что сунданиги* лъун, баччун ккколекколелъубе бикьизе; **~ посы́лки** посылкаби рикьизе (щвезаризе); **доро́гу ~ло́** нух ярагьунареб куцалде ккун буго (*реччелалъ, хIарщуца*)

РАЗВЕ́ИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **разве́ять(ся)**

РАЗВЕНЧА́ТЬ *сов. кого-что* суризавизе, къадру хвезабизе

РАЗВЕ́НЧИВАТЬ *несов. см.* **развенча́ть**

РАЗВЁРНУТ//ЫЙ, -ая, -ое 1) тIибитIараб; рахъ-рахъалде биххараб; **~ое наступле́ние** гIатIидго гьабулеб гьужум 2) (*подробный*) мухIканаб; **~ый план** мухIканаб план

РАЗВЕРНУ́ТЬ *сов.* 1) (*свернутое, скатанное, сложенное*) тIибитIизе, бичизе, ричIизе; **~ ковёр** тIанса тIибитIизе; **~ паке́т** пакет ричIизе 2) цIавуцIцIине, цIабуцIцIинабизе (*лага*); **~ пле́чи** гъуждул ритIизаризе 3) *воен.* фронталъул мухъида гIеблъухъе чIезаризе 4) кьурун буссинабизе; **~ маши́ну** машина кьурун буссинабизе 5) *сундулниги* гуч, гьунар бихьизабизе; **~ тала́нт** гьунар тIубан бихьизабизе

РАЗВЕРНУ́//ТЬСЯ *сов.* 1) (*о свернутом, скатанном, сложенном*) тIибитIун, ричIун ине; бича-биххун ине; **свёрток ~лся** жемараб жо бича-биххун ана 2) *воен.* фронталъул гIеблъухъе чIезе 3) гIатIидаб куцалъ иш гьабизе рес рекъезе 4) *перен.* жиндир бугеб гьунар, гуч тIатинабун, гIатIидго, бокьухъе иш гьабизе лъугьине 5) сверизе, свери гьабизе; **~лась маши́на** машинаялъ свери гьабуна; тIад сверана

РАЗВЁРТЫВАНИЕ *с* **1.** (*по гл.* **развёртывать**) тIибитIи, бичи, ричIи **2**. (*по гл.* **развёртываться)** тIибитIун, бичун, ричIун ине

РАЗВЁРТЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **разверну́ть(ся)**

РАЗВЕСЕЛИ́ ТЬ *сов. кого-что* аваданлъизаризе, рохизаризе, тирхизаризе

РАЗВЕСЕЛИ́ТЬСЯ *сов.* аваданлъизе, тирхизе, кеп-ихтилаталда рукIине

РАЗВЕСЕЛЯ́ ТЬ *несов см.* **развесели́ ть**

РАЗВЕСЁЛЫЙ, -ая, -ое *разг.* цIакъ аваданав

РАЗВЕ́СИСТЫЙ, -ая, -ое гIаркьахараб; **~ дуб** гIаркьахараб миккигъветI, гIаркьалаби гIебеде риччараб миккигъветI

РАЗВЕ́СИТЬ[1] *сов. что (на весах)* цIан бутIаби гьаризе; **~ са́хар** чакаралъул бутIаби гьаризе

РАЗВЕ́СИТЬ[2] *сов. что* 1) (*повесить*) бакI-бакIалда разе, дализаризе; **~ карти́ны** суратал къадада разе; **~ бельё** чурараб гъоркьан ретIел кварида базе ◊ **~ у́ши** кутакалда гIенеккизе

РАЗВЕСНО́Й, -а́я, -о́е (*цIадирабаз*) цIан бичулеб; **~ са́хар** цIан бичулеб чакар

РАЗВЕСТИ́ *сов.* 1) *кого (по местам)* кколе-кколелъуре щвезаризе; **~ дете́й по дома́м** лъимал рокъо-рокъоре щвезаризе; **~ часовы́х** хъаравулзаби кколе-кколел постазде тIамизе 2) *кого-что (разъединить*) ратIа гьаризе, тIезаризе 3) (*расторгнуть брак*) ратIа гьаризе, ригьин биххизабизе; **~ му́жа с жено́й** рос-лъади ратIа гьаризе 4) *что* рахъ-рахъалде чIвазаризе; **~ мост** кьодул бутIаби рахъ-рахъалде чIвазаризе, кьо борхизе 5) что (*растворить*) билъизе, лъама гьабизе; **~ и́звесть** гач билъизе 6) *кого-что (вырастить)* гIемер гьари́зе, хьихьун гIезаризе; **~ свине́й** болъонал хьихьун гIезаризе; **~ кур** гIанкIуял гIезаризе 7) *что (разжечь)* бакизе; **~ костёр** (*огонь*) цIа бакизе

РАЗВЕ//СТИ́ СЬ *сов.* 1) *с кем (о супругах*) ратIалъизе (*рослъади*) 2) (*расплодиться*) къинлъарун гIемерлъизе; **~ло́сь мно́го мух** тIутIал гIемерлъун руго

РАЗВЕТВИ́ ТЬ *сов. что* гIаркьахинабизе

РАЗВЕТВИ́ //ТЬСЯ *сов.* гIаркьахине, рахъ-рахъалде тIибитIизе, гIаркьалаби риччазе; **де́рево ~лось** гъотIоца гIаркьалаби риччана; **доро́га ~лась** нух бикь-бикьана

РАЗВЕТВЛЁНИ//Е *с* **1.** гIаркьахинаби, гIаркьахин; рахъ-рахъалде тIибитIи, тIибитIизаби **2.** (*место*) *гьедин* гIаркьахараб бакI; **~ реки́** гIурул рикьи бугеб бакI

РАЗВЕТВЛЁНН//ЫЙ, -ая, -ое гIаркьахараб; **~ая сеть желе́зных доро́г** рикь-рикьарал маххул нухал

РАЗВЕТВЛЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **разветви́ ть(ся)**

РАЗВЕ́ШАТЬ *сов. что* бакI-бакIалда разе; **~ карти́ны** бакI-бакIалда суратал разе

РАЗВЕ́ШИВАТЬ[1,2] *несов. см.* **разве́сить**[1,2]

РАЗВЕ́Я//ТЬ *сов. что* 1) (*разогнать*) рахъ-рахъалде хъамизе, щущазабизе; **ве́тер ~л облака́** гьороца накIкIал рахъ-рахъалде щущазаруна, хъамуна 2) *перен.* тIагIинабизе; **~ть сомне́ния** шаклъи тIагIинабизе; **~ть го́ре** ургъел тIаса босизе

РАЗВЕ́Я//ТЬСЯ *сов.* 1) (*от ветра и т.п.*) гьороца хъамун рахъ-рахъалде щущазе, гьороца босун ине; **пыль ~лась** хIур рахъ-рахъалде босун ана 2) *перен. (рассеяться)* риххун ине, тIагIине; **тоска́ ~лась** урхъи тIагIана, буссана 3) (*развлечься*) *сундениги вуссун* пикрабаздаса ватIалъизе

РАЗВИВА́ТЬ(СЯ) *несов.* 1) *см.* **разви́ ть(ся)** 2) ине, цебе тIезе; цо хIалалдаса цогиялде унеб (хисулеб) букIине

РАЗВИ́ЛИН//А *ж* рикьи, кIирикьи; **на ~е доро́г** нухлул рикьуда, нух бикьулеб бакIалда

РАЗВИ́ ЛКА *ж см.* **разви́ лина**

РАЗВИНТИ́ТЬ *сов. что* чучизабизе, чучизе; **~гайку** гайка чучизе

РАЗВИНТИ́//ТЬСЯ *сов.* 1) чучун ине, *жибго* чучизе *(гайка)* 2) *перен. разг. (о человеке)* чучизе, вичча-вихъазе; **не́рвы ~лись** нервал чучун руго

РАЗВИ́ НЧЕНН//ЫЙ, -ая, -ое *разг.* 1) (*о человеке*) чIезе къадар лъугIарав, ракI рекIеда чIоларев, сабру лъугIарав, яхI хварав, нервал хварав 2) тартадулеб (*ритлъин*), рухI гьечIеб (*вагъа-вачари*)

РАЗВИ́ НЧИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **развинти́ ться**

РАЗВИ́ТИ//Е *с* **1.** (*по гл.* **разви́ ть**) кутак гьаби; къвакIизаби; гIатIид гьаби; кIодо гьаби; гъварид гьаби **2**. (*по гл.* **разви́ться**) бижи; лъугьин; балугълъи, кIодолъи **3**. лъай буголъи, цебетIей; **у́мственное** ~ гIакълияб цебетIей **4**. (*процесс*): **ход истори́ ческого ~я** тарихияб цебетIеялъул ин

РАЗВИТО́Й, -а́я, -о́е 1) (*окрепший*) щвалде щвараб 2) (*достигший высокого уровня*) тIадегIанаб даражаялде бахараб, кутакалда цебе тIураб 3) (*духовно зрелый*) рухIияб рахъалъ балугъ-лъиялде (*тIадегIанаб даражаялде*) вахарав

РАЗВИ́ТЬ *сов.* 1) *что (распрямить)* битIизабизе; **~ верёвку** бигъараб квар битIизабизе 2) *что (укрепить)* щулалъизабизе, кутаклъизабизе; **~ па́мять** ракIалда чIей (ракIцIодорлъи) лъикI-лъизабизе; **~ мускулату́ру** ччорбал гучлъизаризе; **~ интере́с к му́зыке** музыкаялде интерес бижизабизе 3) *кого-что (умственно)* гIакълияб, рухIияб рахъалъ цеве тIезавизе 4) *что (поднять уровень чего-л.) сундулниги* даража борхизабизе; **~ тяжёлую промы́шленность** бакIаб промышленносталъул даража борхизабизе; **~ ско́рость** хехлъи цIикIкIинабизе 5) *что (расширить содержание*) хIасил гIатIид гьабизе

РАЗВИ́ //ТЬСЯ *сов.* 1) (*расплестись*) бичун ине; **верёвка ~ла́сь** квар бичун ана 2) (*вырасти, окрепнуть*) къвакIизе, щулалъизе; кIодолъизе; **му́скулы ~ли́сь** ччорбал къвакIана 3) (*усилиться*) кутаклъизе, цебе тIезе; **промы́шленность ~ла́сь** промышленность цебе тIуна 4) (*духовно созреть*) лъаялъул рахъалъ цеве тIезе

РАЗВЛЕКА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **развле́чь(ся)**

РАЗВЛЕЧЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **развле́чь**) вуссинави, ракI гъезаби, рахIат гьаби (*лъиениги*) **2**. (*по гл.* **развле́чься**) аваданлъи-кеп букIин **3**. *щиб бугониги* ракI гъезабулеб жо, вуссинавулеб жо

РАЗВЛЕ́ЧЬ *сов. кого-что* 1) (*повеселить*) вуссинавизе, ракI гъезабизе, кеп гьабизе (*лъиениги*); **~ ребёнка** лъимадул ракI гъезабизе, лъимер буссинабизе

РАЗВЛЕ́ЧЬСЯ *сов.* 1) (*повеселиться*) аваданлъизе, ракI гъезе, кеп букIине; *сунде букIаниги* вуссине

РАЗВО́Д *м* **1.** (*по гл.* **развести́**) жинди-жиндир бакIалде ккезаби, бачин **2**. *воен.*: **~ карау́лов** посталде ритIилалде хъаравулзабазул хIадурлъиялъул хал гьаби **3.** (*расторжение брака*) ратIалъи (*рос- лъади*), ригьин биххи

РАЗВОДИ́ ТЬ *несов. см.* **развести́**

РАЗВОДИ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **развести́ (сь)**

РАЗВО́ДКА *ж* **1**. жинди-жиндир бакIалде рачин; ратIа гьари, цоцадаса тIезари; гIезаби; лъугьинаби; посталда лъей **2.** (*хъухъадирояльул*) гажал цIалеб жо

РАЗВОДНО́Й, -а́я, -о́е 1) ~ **ключ** рекъезабулеб (кIодолъи-гьитIинлъи рекъезабизеб бегьулеб) кIул 2) ~ **мост** борхулеб кьо

РАЗВО́ДН//ЫЙ, -ая, -ое ратIалъиялъул, ригьин биххиялъул; **~ое свиде́тельство** ригьин биххиялъул свидетельство

РАЗВО́Д//Ы *мн.* 1) (*узоры*) чIахIияб накъиш, расен; **с ~ами** чIахIияб расен бугеб 2) *мн. от* **разво́д** ри́гьнал риххи

РАЗВОДЯ́ЩИЙ, -ая, -ее ратIа гьарулев; постазда (хъаравулълиялда) часовоял лъолев рагъулав хъулухъчи

РАЗВО́З *м* (*по гл.* **развезти́**) баччун батIи-батIияб бакIалде щвезаби

РАЗВОЗИ́ТЬ *несов.* 1) *см.* **развести́** 2) кисанго жужазе, жужа-куказе; **~ грязь по лицу́** кибего щвезабун гьурмада хIарщ бахине

РАЗВОЛНОВА́//ТЬ *сов. кого-что разг.* гьалаглъизавизе, рахIат хвезабизе; **эта весть ~ла меня́** гьеб ругьелалъ дир рахIат хвезабуна

РАЗВОЛНОВА́ТЬСЯ *сов. разг.* кутакалда гьалаглъизе, рахIат хвезе, рахIат хун лъугьине

РАЗВОРА́ЧИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **разверну́ть**

РАЗВОРОВА́ТЬ *сов. кого-что разг.* бикъа-хъамизе; ~ **иму́щество** мал-мулк (*буголъи*) бикъун лъугIизабизе

РАЗВОРО́ВЫВАТЬ *несов. см.* **разворова́ть**

РАЗВОРО́Т *м* **1.** (*по гл.* **разверну́ть**) ричIи, тIибитIи, бичи **2**. (*по гл.* **разверну́ться**) кьури, свери, тири **3**. (*место поворота*) свери, сверулеб бакI, свери гьабизе кколеб бакI

РАЗВОРОТ//И́ТЬ *сов. что разг.* 1) (*разбросать)* добе-гьанибе бег-бегизабизе (чIвазабизе), рахъ-рахъалде базе, щущазабизе; **~ить гру́ду камне́й** ганчIазул (*гъогъол*) гохI щущазабизе 2) (*разрушить*) бекун, гъурун, бахъун хвезабизе, тIатIала базе; **снаря́д ~ил сте́ну** гIарададул гуллаялъ къед биххизабуна

РАЗВОРОШИ́ТЬ *сов. что разг.* хъирщун добе-гьанибе базе, щущазабизе; ~ **се́но** хер добе-гьанибе базе, бихха-бичизабизе

РАЗВРА́Т *м* пучлъи, пасалъи, саяхълъи

РАЗВРАТИ́ ТЬ *сов. кого* 1) пучлъиялда ругьун гьавизе, къосинавизе, саяхълъизавизе 2) хъубал ишазде ругьун гьавизе, пасатаб нухде цIазе

РАЗВРАТИ́ ТЬСЯ *сов.* 1) пучлъиялде ругьунлъизе, саяхълъизе 2) хъубал ишазде ругьунлъизе, пасатго хьвадизе, тIасан ккезе

РАЗВРА́ТНИК *м* пучав, пасатав чи, саяхъ, бихьинхъахIба

РАЗВРА́ТНИЦА *ж* пучай, пасатай гIадан, хъахIба, саяхъай гIадан

РАЗВРА́ТНИЧАТЬ *несов.* саяхълъи гьабизе, пучлъизе, хъубго хьвадизе, пасатал ишал гьаризе

РАЗВРА́ТНЫЙ, -ая, -ое пучав, саяхъав, пасатав

РАЗВРАЩА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **разврати́ ть(ся)**

РАЗВРАЩЁННОСТЬ *ж* пучлъи, пасалъи, саяхълъи

РАЗВРАЩЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **разврати́ть**) пучлъиялда ругьунлъизави, къосинави, саяхълъизави, пасат гьави **2**. (*по гл.* **разврати́ ться)** пучлъи, саяхълъи, къосун ккей, пасалъи

РАЗВРАЩЁННЫЙ, -ая,-ое пучав, пасатав, саяхъав, пасалъиялде ругьун гьавурав, саяхъ гьавурав

РАЗВЬЮ́ ЧИВАТЬ *несов. см.* **развью́ чить**

РАЗВЬЮ́ЧИТЬ *сов. кого-что* гьир тIаса босизе, гьир тIаса бахъизе

РАЗВЯЗА́ТЬ *сов.* 1) *что* бичизе (*бухъараб жо*); ~ **у́зел** гарацI бичизе; ~ **ру́ки** кверал ричизе 2) *кого-что перен.* эркен гьавизе; бокьухъе виччазе ◊ ~ **войну́** рагъ байбихьизе

РАЗВЯЗА́//ТЬСЯ *сов.* 1) (*о завязанном*) жибго бичун бачIине; **шнуро́к ~лся** чIоло бичун бачIана 2) (*освободиться*) *цощинал* борчал тIаса ине, тIаса рихьизе ◊ **у него́ ~лся язык** досул кIал гIемерлъун буго, дос кIал бичун буго

РАЗВЯ́ ЗК//А *ж* **1.** (*по гл.* **развяза́ть**) бичи (*бухъараб жо*) **2.** (*конец*) ахир, лъугIел; **де́ло идёт к ~е** иш ахиралде щолеб буго **3.** *лит.* развязка (*лъугIел, ахир*)

РАЗВЯ́ЗНОСТЬ *ж сов.* нич (намус, адаб) гьечIого вукIин; вичча-вихъан вукIин

РАЗВЯ́ЗЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **развяза́ть(ся)**

РАЗВЯ́ЗН//ЫЙ, -ая, -ое нич, намус, адаб гьечIев, бокьухъе вукIунев; **~ое поведе́ние** бичча-бихъан тараб хьвада-чIвади; **~ый ю́ ноша** вичча-вихъан тарав гIолилав

РАЗГАДА́ТЬ *сов. кого-что в разн. знач.* жаваб батизе; магIна лъазе, бичIчIизе; нахъгIунтIизе; **~ та́йну** балъголъиялда нахъгIунтIизе; **~ загада́ку** бицанкIо чIвазе; **~** *чьё-л.* **наме́рение** *лъил букIаниги* ракIалда бугеб жо лъазе

РАЗГА́ДКА *ж* **1.** (*по гл.* **разгада́ть**) жаваб бати, магIна лъай, бичIчIи; нахъгIунтIи **2.** (*решение загадки*) *къваригIараб жояльe, лъураб суалалъе, бицанкIояльe батараб* жаваб

РАЗГА́ДЫВАТЬ *несов. см.* **разгада́ть**

РАЗГА́Р *м* цIадулъ бугеб заман, битIун боркьараб гIуж; **рабо́та в по́лном ~е** битIун хIалтIи боркьараб гIуж буго; **в ~е ле́та** рии бакъулъ, роол завалалда; **в ~е убо́рки хлебо́в** тIад бан хIалухъин бакIарулеб заманалда

РАЗГИБА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **разогну́ть(ся)**

РАЗГИЛЬДЯ́Й *м разг.* гьабулеб хIалтIулъ низам гьечIев, тадбир гьечIев чи, тасамахIав чи; хIалтIулъ кIарчанлъи биччалев чи; кIарчан, агъазгьечI

РАЗГИЛЬДЯ́ ЙНИЧАТЬ *несов. разг.* агъаз гьечIолъи биччазе, кIарчанлъизе

РАЗГИЛЬДЯ́ЙСТВО *с разг.* агъаз гьечIолъи, кIарчанлъи, тене-хьеней гьаби, тасамахIлъи

РАЗГЛАГО́ЛЬСТВОВАТЬ *несов. разг.* кIалбазарлъи гьабизе, кIудияб къагIидаялъ магIна гьечIеб, пайда гьечIеб хабар бицине

РАЗГЛА́ДИТЬ *сов. что* 1) (*расправить*) битIа-бишизабизе 2) (*утюгом*) итIу чIван битIизабизе; **~ пла́тье** гурдеялда иту чIвазе (кьабизе)

РАЗГЛА́ДИ//ТЬСЯ *сов.* битIа-бишизе; **пла́тье хорошо́ ~лось** гурде лъикI битIа-бишана; буго; **морщи́нки на лбу ~лись** надалда рукIкIалаби ритIа-ришана, нодо битIана

РАЗГЛА́ЖИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **разгла́дить(ся)**

РАЗГЛАСИ́ТЬ *сов. что* хабар тIибитIизабизе (*киса-кибего бицун*); **~ та́йну** балъголъи тIатинабизе

РАЗГЛАША́ТЬ *несов. см.* **разгласи́ ть**

РАЗГЛАШЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **разгласи́ ть**) хабар тIибитIизаби

РАЗГЛЯДЕ́ТЬ *сов. кого-что* (*увидеть*; *распознать*) балагъалагьун (хал гьабун) батIа гьабизе кIвезе (лъазе)

РАЗГЛЯ́ДЫВАТЬ *несов. кого-что* лъикI бала-гъалагьизе; хал гьабизе

РАЗГНЕ́ВАННЫЙ, -ая, -ое ццидахарав, ццин бахъарав

РАЗГНЕ́ВАТЬ *сов. кого* ццидахинавизе, ццин бахъинабизе

РАЗГНЕ́ВАТЬСЯ *сов.* ццидахине, ццин бахъине

РАЗГОВА́РИВАТЬ *несов. с кем, о ком-чем и без доп.* гаргадизе, кIалъазе, гара-чIваризе; **~ по телефо́ну с това́рищем** гьалмагъгун телефоналъ кIалъазе; **~ по-ру́сски** гIурус мацIалда гаргадизе

РАЗГОВО́Р *м* кIалъай, гаргар; **кру́пный ~** кIудияб кIалъай; **вести́ ~** кIалъай гьабизе; **завяза́ть ~** кIалъа-ралъай байбихьизе; **перевести́ ~ на другу́ю те́му** гара-чIвари (хабар) батIияб рахъалде сверизабизе; **прекрати́ть ~ы!** хабар те! гара-чIвари те! ◊ **и ~а быть не мо́жет!** гьеб букIунеб жо гуро!; **никаки́х ~ов!** (хабар) те!

РАЗГОВОРИ́ТЬСЯ *сов. разг.* гара-чIваризе, хабар халат гьабизе

РАЗГОВО́РНИК *м* разговорник; **ру́сско-францу́зский ~** гIурус-франг мацIазул разговорник (*темаби ккун гIуцIараб словарь)*

РАЗГОВО́РНЫЙ, -ая, -ое *в разн. знач.* 1) кIалзул, кIа-лъаялъул; **~ая речь** кIалзулаб калам 2) кIалъаялъул, кIалъаялда бараб; **~ уро́к** кIалъаялъул дарс; **~ язы́к** бицунеб мацI

РАЗГОВО́РЧИВОСТЬ *ж* гIемер гаргади

РАЗГОВО́РЧИВЫЙ, -ая, -ое гIемер кIалъазе бокьулев, гаргадизе гъира бугев;**~ челове́к** гIемер гаргадулев чи, гIемер гаргадизе бокьулев чи

РАЗГО́Н *м* **1.** (*по гл.* **разогна́ть**) доре-гьанире хъами, щущазари **2.** (*по гл.* **разогна́ться**) кIанцIизелъун векери; **прыжо́к с ~а** векерун кIанцIи; **с ~а / ~у/** векерун, кIудияб хехлъиялда

РАЗГОНЮ́ , РАЗГО́НИШЬ *и т.д. буд. от* **разогна́ть**

РАЗГОНЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **разогна́ть(ся)**

РАЗГОРА́ЖИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **разгороди́ ть(ся)**

РАЗГОРА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **разогре́ть(ся)**

РАЗГОРЕ́//ТЬСЯ *сов.* 1) (*начать гореть*) цIа рекIине; **дрова́ ~лись** цIулада цIа рекIана 2) *перен. (стать красным, горячим)* багIарлъизе; **у меня́ щёки ~лись** дир кIаркьаби багIарлъана 3) *перен. (стать напряженным*) кутаклъизе, хIалуцине; **~лся спор** дагIба кутаклъана ◊ **глаза́ ~лись** берал чIваркьана (*цIакъ щибниги букIине, щвезе бокьун*)

РАЗГОРОДИ́ТЬ *сов. что* гьоркьоб галан бан (къед гьабун) батIа гьабизе; **~ ко́мнату** рукъ гьоркьоса къотIизе

РАЗГОРОДИ́ТЬСЯ *сов. с кем* гьоркьоб *щибниги* лъун, къед гьабун батIалъизе, батIа тIезе; **~ с сосе́дями** мадугьалзабазда гьоркьоб гIурхъи чIвазе, мадугьалзабаздаса тIезе

РАЗГОРЯЧИ́ ТЬ *сов. кого-что* гьалаг гьабизе, хехлъизабизе; **~ коня́** чу гьалаглъизабизе

РАЗГОРЯЧИ́ТЬСЯ *сов.* гьалаглъизе, хехлъизе, гIедегIахъдизе, хехдаризе, ццидахине

РАЗГРА́БИТЬ *сов. что* тала гьабизе, хъамал гьабизе; тала гьабун чIобоголъизабизе

РАЗГРАНИЧЕ́НИЕ *с* 1) цоцадаса ратIа гьарун гIорхъаби чIвай 2) гIурхъи чIван цоцадаса ратIалъи 3) гIурхъи чIвай

РАЗГРАНИ́ ЧИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **разграни́ чить(ся)**

РАЗГРАНИ́ ЧИТЬ *сов. что* 1) гIурхъи чIван цоцадаса ратIа гьаризе; **~ зе́мли** ракьал цоцадаса ратIа гьаризе 2) *перен.* гIурхъи чIван чIезаризе; **~ обя́ занности** тIадал ишал мухIкан гьаризе

РАЗГРАНИ́ЧИТЬСЯ *сов.* цоцадаса ратIалъун дорегIан къан чIезе

РАЗГРАФИ́ ТЬ *сов.* кагътида графаби рахъизе (хIуччал цIазе)

РАЗГРАФЛЯ́ ТЬ *несов. см.* **разграфи́ ть**

РАЗГРЕБА́ТЬ *несов. см.* **разгрести́**

РАЗГРЕСТИ́ *сов. что* рахъ-рахъалде хъвазе; **~ ку́чу сне́га** гIазул гохI рахъ-рахъалде хъвазе

РАЗГРО́М *м* 1) минатахъ щущазаби, биххизаби; **~ во́йск врага́** тушманасул аскарал (*боял*) щущахъ риххизари 2) тIутIун бай, тала гьаби, пасат гьаби 3) *разг.* низам хвезаби; **в ко́мнатах по́лный ~** рукъзабахъ тIубараб пасалъи буго, кинабго щущазабун буго, низам хвезабун буго, щущахъ бан буго

РАЗГРОМИ́ТЬ *сов. кого-что* щущазабизе, минатахъ биххизабизе; тIутIун базе, тIатIала ккезабизе, чIунтизабизе, пасат гьабизе

РАЗГРУЖА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **разгрузи́ ть(ся)**

РАЗГРУЗИ́ТЬ *сов. кого-что* 1) юк (къайи) тIаса бахъизе; **~ парохо́д** гамидаса къайи бахъизе 2) *перен.* борчал дагь гьарун, бигьалъизабизе; **~ рабо́тника** хIалтIухъанасул хIалтIи бигьалъизабизе, борчал дагь гьаризе

РАЗГРУЗИ́ТЬСЯ *сов.* 1) юкалдаса эркенлъизе 2) *перен. разг.* тIад ругел цIикIкIарал борчаздаса эркенлъизе; хIалтIи дагьлъизе

РАЗГРУ́ЗКА *ж* 1) (*по гл.* **разгрузи́ть**) юк (къайи) тIаса бахъи, чIехьей; **~ ваго́нов** вагонал чIехьей 2) борчал тIаса роси, бигьалъи гьаби

РАЗГРУ́ ЗОЧН//ЫЙ, -ая, -ое тIаса бахъиялъул, чIехьеялъул; **~ая рабо́та** чIехьеялъул хIалтIи

РАЗГРЫЗА́ТЬ *несов. см.* **разгры́ зть**

РАЗГРЫ́ ЗТЬ *сов. что* цабзаз гъуризе, букъизе; **~ оре́х** цIулакьо букъизе, цабзаз цIулакьо гъуризе

РАЗГУ́Л *м* 1) *чего (кутеж)* гIорхъолъа араб гьекъолди 2) гIорхъолъа араб хIал, тIасанккей, балканахин; **~ реа́кции** реакциялъул тIасанккей (пасалъи)

РАЗГУ́ЛИВАТЬ *несов. разг.* рахIат гьабизелъун гIедегIи-чIого хьвадизе (тира-сверизе); **~ по па́рку** паркалда тира-сверизе

РАЗГУ́ ЛИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **разгуля́ ть(ся)**

РАЗГУЛЯ́ТЬСЯ *сов. разг.* 1) бокьа-бокьараб гьабизе 2) гьекъолдизе, тIасан ккезе, гIорхъолъа ворчIизе 3) роцIине, роцIун ине; **пого́да ~лась** гьава-бакъ роцIана

РАЗДАВА́ТЬ//СЯ[1,2] *несов. см.* **разда́ть(ся)**[1,2]

РАЗДАВИ́ ТЬ *сов. кого-что* 1) чIинтIизабизе, чухIизе

РАЗДА́ИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **раздои́ ть(ся)**

РАЗДА́ЛБЛИВАТЬ *несов. см.* **раздолби́ ть**

РАЗДА́РИВАТЬ *несов. см.* **раздари́ ть**

РАЗДАРИ́ ТЬ *сов. кого-что* сайгъат гьабун бикьизе, сайгъаталъе бикьизе

РАЗДА́ТОЧН//ЫЙ, -ая, -ое **1.** бикьулеб, кьолеб; **~ая ве́домость** *щибниги* бикьулеб ведомость; **~ый пункт** *щибниги* бикьулеб бакI, пункт **2**. *в знач. сущ.* **~ая** *ж щибниги* бикьулеб, кьолеб бакI

РАЗДА́ТЬ[1] *сов. кого-что* бикьизе, бикьун кьезе; **~ игру́шки де́тям** лъималазе расанкIаби рикьизе

РАЗДА́ТЬ[2] *сов. разг. (растянуть, расширить)* гIатIилъизабизе, цIазе; **~ сапоги́** чакмаби гIатIилъизаризе (цIазаризе)

РАЗДА́//ТЬСЯ *сов. (о звуке)* рагIизе, бахъине; **~лся вы́стрел** кьвагьи бахъана

РАЗДА́//ТЬСЯ[2] *сов.* 1) (*расступиться)* нахъегIан къан нух кьезе 2) *разг. (растянуться)* гIатIилъизе, цIан бачIине; **сапоги́ ~лись** чакмаби цIан рачIана 3) *разг. (стать шире)* гIеблъизе; вицалъизе; **~ться в та́лии** рачлихъа вицалъизе

РАЗДА́ЧА *ж* (*по гл.* **разда́ть**[1]) би́кьи; **~ пода́рков** сайигъатал ри́кьи

РАЗДВА́ИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **раздвои́ ть(ся)**

РАЗДВИГА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **раздви́ нуть(ся)**

РАЗДВИЖНО́Й, -ая, -ое рахъ-рахъалде цIазе бегьулеб, цIан кIодо гьабизе бегьулеб; **~ стол** кIодо гьабулеб стол; **~ за́навес** рахъ-рахъалде цIалеб (рагьулеб) пардав

РАЗДВИ́ НУТЬ *сов. кого-что (разъединить, заставить расступиться)* рахъ-рахъалде къазаризе, рикьизаризе, ратIа гьаризе; **~ ве́тки** гIаркьалаби цоцадаса ратIа гьаризе, рикьизаризе; **~ сту́лья, что́бы пройти́** дорехун ине (*нух букIине*) бакIал дорегьанире къазаризе; **~ но́ги** бохдул тIирхъизаризе

РАЗДВИ́ НУ//ТЬСЯ *сов.* 1) (*разъединиться*) ратIалъун рахъ-рахъалде ине, цоцадаса ратIалъизе 2) (*расступиться)* нухги кьун рахъ-рахъалде ине, дорегIан къазе; **толпа́ ~лась** нухги биччан (кьун) руккел нахъегIан къана

РАЗДВОЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **раздвои́ ть**) кIибикьизаби, кIилъизаби **2**. (*по гл.* **раздвои́ ться**) кIибикьи, кIилъи 3) (*раздвоенная часть чего-л.*) *сундулниги* кIибикьараб жо, кIикIвекь, кIикьан

РАЗДВО́ЕНН//ЫЙ, -ая, -ое, **раздвоённый,** -ая, -ое кIикIвекьаб, кIибикьараб (*кIилъараб*); **~ое копы́ то** кIикIвекьаб щинкIил

РАЗДВОЙ́ТЬ *сов.что* кIибикьизабизе,кIилъизабизе

РАЗДВОЙ́ТЬСЯ *сов.* кIибикьизе; кIилъизе

РАЗДЕВА́ЛКА *ж разг. см.* **раздева́льня**

РАЗДЕВА́ЛЬНЯ *ж* (*mIасан ретIунеб*) ретIел бахъулеб бакI

РАЗДЕВА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **разде́ть(ся)**

РАЗДЕ́Л *м* **1.** (*по гл.* **раздели́ ть**) би́кьи **2.** (*текста*) бутIа

РАЗДЕ́ЛАТЬ *сов.* 1) *что (обработать, отделать)* къачIазе; **~ гря́дки** кьерал къачIазе, рахъал къачIазе; **~ мясну́ю ту́шу** гьанал къулагIи биххизе

РАЗДЕ́ЛАТЬСЯ *сов. разг.* 1) *с кем-чем (освободиться) лъилгунниги бугеб* иш, гьоркьоблъи лъугIизабизе; **~ с долга́ми** налъи лъугIизабизе 2) *с кем (расправиться) лъицаниги* гьабураб квешлъи бецIизе, рецIел босизе

РАЗДЕЛЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **раздели́ ть**) бикьизаби, бикьбикьизаби, батIа гьаби **2**. (*по гл.* **раздели́ ться**) бикьи, бикьбикьи, батIалъи; **~ о́бласти на райо́ны** область районазде бикьи

РАЗДЕЛИ́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое батIа гьабулеб, тIезабулеб; **~ знак** батIа гьабулеб, тIезабулеб ишара; **~ сою́з** *грам.* гьоркьоса бахъиялъул союз

РАЗДЕЛИ́//ТЬ *сов.* 1) *что (произвести деление, разъединить)* бикьизе, бикьизабизе; **~ ть де́сять на пять** анцIго шуйиде бикьизе; **~ть рабо́чих на две гру́ппы** хIалтIухъаби кIиго тIелалде (*къукъаялде)* рикьизе; **река́ ~ла го́род** гIуруца шагьар кIийиде бикьизабуна 2) *что (поделиться, принять участие)* гIахьаллъи гьабизе; **~ ть** *чью-л.* **у́часть** *лъилниги* кьисмат бигьа гьабизе; **~ть ра́дости и печа́ли** рохалидаги кьварилъиялдаги гьоркьоб гIахьаллъи гьабизе, рохелги пашманлъиги гIахьал гьабизе 3) *что лъиданиги* тIад рекъезе; **~** *чье-л.* **мне́ние** *лъил бугониги* пикруялда нахъвилъгьине, тIад рекъезе

РАЗДЕЛИ́//ТЬСЯ *сов.* 1) (*разъедини́ться*) бикьизе; **отря́д ~лся на две гру́ппы** отряд кIиго къокъаялде бикьана 2) *мат.* бикьизе 3) (*разойтись*) цоцадаса ратIалъизе, рикьи́ ккезе; **мне́ния ~лись** пикраби данде ккечIо, пикрабазулъ рикьи́ ккана

РАЗДЕ́ЛЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **разде́лать(ся)**

РАЗДЕ́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*отдельный*) батIа тIураб, батIаяб; **~ое написа́ние** батIа тIун хъвай; **~ое обуче́ние** (*васалги ясалги*) батIа-батIаго цIализари 2) (*с паузами – о произношении*) баянаб; **~ое произноше́ние** баянаб куцалъ аби, бутIаби ккун, бичIчIулеб куцалъ аби

РАЗДЕЛЯ́ //ТЬ *несов. см.* **раздели́ ть; ~ю ва́ше го́ре** нужер кьварилъиялъулъ, пашманлъиялъулъ гIахьаллъи гьабула; **я ~ю ва́ше мне́ние** нужер пикруялда дун разияв вуго

РАЗДЕЛЯ́ТЬСЯ *несов.* 1) *см.* **раздели́ ться** 2) (*распределяться по группам*): **~ на две катего́рии** кIиго категориялде рикьизе

РАЗДЕ́ТЫЙ, -ая, -ое гIицIав, ретIел тIад гьечIев; **~ ребёнок** ретIел тIад гьечIеб лъимер, толохIочараб лъимер

РАЗДЕ́ТЬ *сов. кого-что* тIаса ретIел бахъизе; **~ ребёнка** лъимералдаса ретIел бахъизе 2) тIад бугеб ретIел тала гьабизе, зулмуялъ бахъизе (зулму гьабун бахъизе)

РАЗДЕ́ТЬСЯ *сов.* тIаса ретIел бахъизе (*жиндасаго*)

РАЗДИРА́ТЬ *несов.* 1) *см.* **разодра́ть** 2) *кого-что перен.* гIазаб, гIакъуба кьезе, унтизабизе 3) *кого-что перен. (вызвать разлад)* гьоркьоб дагIба-къец ккезабизе

РАЗДИРА́ЮЩИЙ, -ая, -ее ракI унтизабулеб, рекIелъ зунулеб; **~ ду́шу крик** рекIелъ зунулеб чIичIиди (гьаракь)

РАЗДОБРЕ́ТЬ *сов. разг.* вицалъизе, жанив цIезе

РАЗДО́БРИТЬСЯ *сов. разг.* (*проявить щедрость)* квер биччазе, сахавалъизе

РАЗДОБЫВА́ТЬ *несов. см.* **раздобы́ ть**

РАЗДОБЫ́ТЬ *сов. что разг.* батизе, букIинабизе, (*захIмат бихъун*) балагьизе **~ ну́жную кни́гу** кьваригIараб тIехь балагьизе

РАЗДОЙ́ТЬ *сов. кого-что (добиться увеличения удоя*) бечIчIулеб рахьдал къадар цIикIкIинабизе

РАЗДОЙ́ТЬСЯ *сов.* цIикIкIун рахь кьезе байбихьизе (*гIачияз*)

РАЗДО́Й *м* 1) *см.* **раздои́ ть** 2) гIачи ре́чIчIи

РАЗДОЛБИ́ ТЬ *сов. разг. (расширить, долбя чем-л.*) гIанлъун гIатIилъизабизе; **~ ло́мом отве́рстие** хIосалъ гIанлъун, борлъун каратI гIатIид гьабизе

РАЗДО́ЛЬЕ *с* 1) авлахъ, гIатIилъи 2) *перен. разг. (полная свобода)* эркенлъи, гIатIилъи

РАЗДО́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое эркенаб, гIатIидаб; **~ая жизнь** эркенаб гIумру

РАЗДО́Р *м* къец, дагIба-рагIи, цоцалъ хъелъей, тушманлъи гьаби, кьал; **семе́йные ~ы** хъизаналъул дагIба-рагIи; **се́ять ~ы** кьал ахIизе ◊ **я́ блоко ~а** балагьалъул гIеч (*дагIбадул гIеч*) *(дагIба-къецалъе гIиллалъун ккараб жо)*

РАЗДРАЖА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **раздражи́ ть(ся)**; рахIат хун лъугьине, гIиси-бикъинаб жоялъ рахIат хвезе

РАЗДРАЖЁНН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*возбужденный*) ццидахараб, ццин бахъинабураб 2) бигьараб; **~ая ко́жа** бигьараб тIом, тIаде жо цIирараб (*бахъараб*) тIом

РАЗДРАЖИ́ТЕЛЬ *м* багъаризабулеб, хIалуцинабулеб, черхалъе кинаб букIаниги асар гьабулеб жо

РАЗДРАЖИ́ ТЕЛЬНОСТЬ *ж* ццидахин, кьварилъахъди

РАЗДРАЖИ́ТЕЛЬНЫЙ, -ая -ое ццидахунев, хехго гIамал хисулев, цо хIал кколарев; *гьединав чиясе* хасиятаб; **~ челове́к** хехго ццин бахъунев чи; **~ тон** ццидалаб гьаракь (*кIалъай*)

РАЗДРАЖИ́ ТЬ *сов. кого-что (прийти в состояние нервного возбуждения*) цидахинавизе, гьалаг гьавизе, кьварилъизавизе, асар гьабизе; *~ кого-л.* **неуме́стными шу́тками** кьваригIел гьечIел махсарабаз валъаргъине

РАЗДРАЖИ́//ТЬСЯ сов. 1) *къватIисеб асаралъ* гьорозе, бигьине, унтизе, тIаде жо бахъизе; **кожа ~ лась** тIомода тIаде жо бахъана 2) рахIат хвезе, нервал рагъаризе 3) ццидахине; *сундасаниги* рекIекълъизе

РАЗДРА́ЗНИВАТЬ *несов. см.* **раздразни́ ть**

РАЗДРАЗНИ́ ТЬ *сов. кого-что (рассердить)* валъаргъун ццидахинавизе, ццин бахъинабизе 2) (*возбудить*) багъаризабизе; **~ аппети́ т** аппетит багъаризабизе, кванихъ хIацIадизавизе

РАЗДРОБИ́ ТЬ *сов. что* 1) (*разбить)* гъуризе, гIисин гьабизе, хъуризабизе, щущазабизе 2) (*разделить на части)* бутIабазде биххизабизе, бикьизе; *перен.* батIа гьабизе

РАЗДРОБИ́ //ТЬСЯ *сов.* 1) (*разбиться*) гъурун ине, гIисинлъизе, хъуризе, хъурун ине, бек-бекизе, бек-бекун ине; **ка́мень ~лся** гамачI бек-бекун ана 2) (*разделиться)* бикь-бикьун, батIалъун ине

РАЗДРОБЛЕ́НИЕ *с* 1) гIисин гьаби, хъури, гъурун гIисинлъизаби 2) щущай, гъури,щущан ин, гъурун ин

РАЗДРО́БЛЕННОСТЬ *ж* гIисинлъи, гъурун гIисинлъи, рахъ-рахъалде биххун букIин

РАЗДРО́БЛЕНН//ЫЙ, -ая, -ое (*разбитый*) гъурун гIисин гьабураб; **~ ка́мень** гъурун гIисин гьабураб гамачI; **~ая кость** гъурараб ракьа 2) (*разъединенный*) рахъ-рахъалде биххараб, щущараб; **~ое крестья́нское хозя́йство** бикь-бикьараб рекьарухъабазул магIишат

РАЗДРОБЛЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **раздроби́ ть(ся)**

РАЗДУВА́НИЕ *с* 1) (*по гл.* **разду́ть**) понцIой; пун рекIинаби (*цIа*) 2) *перен.* гIорхъолъа ун кIодо гьаби (понцIозаби)

РАЗДУВА́//ТЬ *несов.* 1) *см.* **разду́ть** 2) *что разг.* парпадизабизе; жо гуреб жо кIодо гьабизе; **ве́тер ~ет фла́ги** гьороца байрахъал парпадизарулел руго

РАЗДУВА́ТЬСЯ *несов. см.* **разду́ться**

РАЗДУ́ МАТЬ *сов. с неопр.* пикруялдаса нахъ вуссине, пикру хисизе; ракI бухIизе; **~ идти́ в го́сти** гьоболлъухъ иналдаса ву-ссине

РАЗДУ́ МЫВА//ТЬ *несов.* 1) *см.* **разду́мать** 2) (*колебаться*) вас-васдизе, таваккал тIамизе кIоларого вукIине; **не ~я, он взял кни́гу и вы́шел** пикруго гьабичIого, гьес тIехь босана ва къватIиве ана

РАЗДУ́ МЬЕ *с* 1) пикрабазда, хиялазда вукIин; **погрузи́ ться в ~** пикрабазулъ,хиялазулъ тIерхьине 2) *перен. (колебание*) пикрабалъе ккей, пикраби хиси

РАЗДУ́Т//ЫЙ, -ая, -ое *разг. (вздутый*) понцIораб; 2) *перен. (преувеличенный*) кIодо гьабураб; **~ые шта́ты** понцIорал штатал (хъулхъал)

РАЗДУ́ //ТЬ *сов. что* 1) (*разжечь*) пун рекIинабизе (*цIа*) 2) *безл. (увеличить объем*) гьорозе; **у него́ щёку ~ло** гъосул кIаркьен гьорон буго 3) *разг. (развеять)* пун гьородахъ биччазе 4) (*надуть)* понцIозе 5) *перен. разг. (преувеличить)* жо гуреб жо кIодо гьабизе; **~ть** *чью-л.* **оши́бку** *лъилниги* гъалатI кIодо гьабизе

РАЗДУ́ ТЬСЯ *сов.* 1) (*надуться*) понцIозе, понцIон бачIине 2) (*распухнуть*) гьорозе, гьорон бачIине; рази гьечIого вукIине

РАЗЕВА́ТЬ *несов. см.* **рази́ нуть**

РАЗЖА́ЛОБИТЬ *сов. кого-что* ракI гурхIизабизе, гурхIизавизе

РАЗЖА́ЛОБИТЬСЯ *сов. разг.* гурхIизе, ракI гурхIизе

РАЗЖА́ЛОВАТЬ *сов. кого-что уст.* чиналъ (цIаралъ) гIодовегIан гьавизе; чин бахъизе, чиналдаса (цIаралдаса) махIрум гьавизе; **~ офице́ра в солда́ты** офицерасул чинги бахъун солдат-лъун гьавизе

РАЗЖА́ТЬ *сов. что* биччан тезе, ричIизе (*данде къараб жо*); **~ кула́к** зар ричIизе; **~ пружи́ну** пружина (бутI) биччан тезе (чучизе биччазе)

РАЗЖА́//ТЬСЯ *сов.* ричIун бачIине, рагъун бачIине; **гу́бы ~лись** кIутIби рагъун рачIана; **пружи́на ~лась** бутI чучун ба-чIана, бутI чучана (*жибго*)

РАЗЖЕВА́ТЬ *сов. что* 1) (*размельчить зубами*) чIамизе, чIамун гIисин гьабизе 2) *перен. (растолковать*) гIемер бицун, чIамун бигьаго бичIчIуледухъ гьабизе; **ка́ждое сло́во ему́ на́до ~** щибаб рагIи чIамун гъосул кIалдиб лъезе кола (*щибаб рагIи гьесие чIамун кьезе ккола*)

РАЗЖЕВА́ТЬСЯ *сов. разг.* чIамун гIисинлъизе

РАЗЖЁВЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **разжева́ть(ся)**

РАЗЖЕ́ЧЬ *сов. что* 1) рекIинабизе; **~ ого́нь** цIа рекIинабизе 2) кутакалда багIаризабизе, боркьизе 3) *перен.* кутаклъизабизе; **~ не́нависть к врагу́** тушманасдехун рокьукълъи кутаклъизабизе

РАЗЖЕ́ЧЬСЯ *сов.* рорине, кутакалда рекIине лъугьине

РАЗЖИВА́ТЬСЯ *несов. см.* **разжи́ ться**

РАЗЖИГА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **разже́чь(ся)**; цIа рекIине

РАЗЖИМА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **разжа́ть(ся)**

РАЗЖИРЕ́ТЬ *сов.* кутакалда кьаралъизе (вицалъизе)

РАЗЖИ́ТЬСЯ *сов. разг.* 1) (*разбогатеть)* бечелъизе 2) *чем (раздобыть), щибниги* щвезе (*къо бихьун)*

РАЗЗАДО́РИВАТЬ *несов. см.* **раззадо́рить**

РАЗЗАДО́РИТЬ *сов. кого-что* щиб-щибниги гьабун кутакалда гъира ккезабизе, гъира базабизе

РАЗЗВА́НИВАТЬ *несов. см.* **раззвони́ ть**

РАЗЗВОНИ́ТЬ *сов. о ком-чем разг.* (хабар) кибго тIибитIизабизе, киназдаго ргIизабизе

РАЗИ́ Н//УТЬ *сов. что разг.* 1) гьакIкIазе; **он стои́т, ~ув рот** дов гьакIкIан кIалгун вахъун чIун вуго 2) (*прийти в изумление*) хагазе, хаган хутIизе, хаган чIезе

РАЗИ́НЯ *м, ж разг.* тохав чи, кIал гьакIкIан вукIунев чи, хагарав чи, гьакIкIарав

РАЗИ́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое гIажаибаб, хIайранлъун хутIизарулеб; **~ое сходство** гIажаибаб релъльен

РАЗИ́ТЬ *несов. кого-что* 1) кьабуралъ ккезабизе, кьабизе, тIиршун тIамизе; **~ врага́** тушманасда кьаби щвезабизе 2) гурхIел гьечIеб критика гьабизе

РАЗИ́ //ТЬ² *несов. безл. чем, от кого-чего разг. (пахнуть)* кутакаб махI чIвазе; **от него́ ~т вино́м** гьесдасан чагъиралъул кутакаб махI чIвалеб буго

РАЗЛАГА́ТЬ *несов.* 1) бутIабазде бикьизе 2) моралияб рахъ тIубанго гIодобе ккезабизе 3) *мат.* биххизе

РАЗЛАГА́ТЬСЯ *несов.* 1) бутIабазде бикьун ине 2) туризе, тIубанго биххун ине 3) моралияб рахъ гIодобе ккезе

РАЗЛАГА́ЮЩ//ИЙ, -ая, -ее 1) рихха-хочи ккезабулеб, гIадлу низам биххизабулеб 2) махIцинабулеб, туризабулеб; **~ влия́ние** рикьи ккезабулеб асар

РАЗЛА́Д *м* цолъи гьечIолъи, ргIи дандеккунгутIи, гьоркьоблъи хвей, дагIба-ргIи

РАЗЛА́ДИТЬ *сов. что* 1) (*испортить*) бигъинабизе, хвезабизе; **~ стано́к** станок хвезабизе 2) (*расстроить)* квалкал гьабизе; низам хвезабизе, биххизабизе; **~ сва́дьбу** бертин биххизабизе

РАЗЛА́ДИ//ТЬСЯ *сов. разг.* 1) (*стать неисправным*) хвезе, рекъей хвезе; **маши́на ~лась** машина хвана (хIалтIулеб гьечIо) 2) данде ккунгутIизе; **де́ло ~лось** гьабулеб иш данде кколеб гьечIо, (билъльунеб гьечIо)

РАЗЛА́ЖИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **разла́дить(ся)**

РАЗЛА́МЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **разлома́ть(ся), разломи́ ть(ся)**

РАЗЛЕЗА́ТЬСЯ *несов. см.* **разле́зться**

РАЗЛЕ́ЗТЬСЯ *сов. разг. (расползтись от ветхости*) чIалхчIалхун, бич-бичун, бихъ-бихъун ине (*басралъиялъ)*

РАЗЛЕ́НИВАТЬСЯ *несов. см.* **разлени́ ться**

РАЗЛЕНИ́ТЬСЯ *сов. разг.* тIубанго кIвахIалавлъун лъугьине, кIвахIал лъугьине, тIубанго кIвахIаллъизе

РАЗЛЕТА́ТЬСЯ *несов.* 1) *см.* **разлете́ться** 2) *разг. (развеваться)* парпадизе, хьвагIезе (*рахъ-рахъалде*)

РАЗЛЕТЕ́//ТЬСЯ *сов.* 1) (*улететь*) роржун рахъ-рахъалде ине; **пти́цы ~лись** хIанчIи рахъ-рахъалде роржун ана 2) (*разойтись, разъехаться)* рахъ-рахъалде риххизе 3) *разг. (разбиться)* бекун щущазе 4) *перен. (быстро распространиться)* хехго тIибитIизе; **весть ~лась о́чень бы́стро** хабар цIакъ хехго тIибитIана

РАЗЛЕ́ЧЬСЯ *сов. разг.* вичча-вихъан (цIан витIун) вегизе (бичча-бихъан къаркъалагун вегизе)

РАЗЛИ́В *м* 1) (*по гл.* **разли́ть**) (*кинаб бугониги лъамалъи*) бикьун тIей **2**. (*по гл.* **разли́ться**) рахъ-рахъалде чвахи; лъим кIанцIи, гIор щвей, лъар щвей; **~ реки́** гIор щвей, гIор кIанцIи

РАЗЛИВА́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое *щибниги* бикьун тIолеб; **~ая ло́жка** бикьун тIолеб гъуд (балухъ)

РАЗЛИВА́ТЬ *несов. см.* **разли́ ть**

РАЗЛИВА́ТЬСЯ *несов.* 1) *см.* **разли́ ться** 2) (*петь*) чвахулеб лъим гIадин, берцинал кочIол бакънал риччазе, чвахун биччан ахIизе 3) *разг. (много говорить) (кинаб бугониги мурадалде щвезелъун*) гIемер ва берцинго гаргадизе (*биун тIезе*)

РАЗЛИВН//О́Й, -а́я, -о́е1) *щибниги* тIезе халтIизабулеб; 2) бичулелъул тIун кьолеб, тIун бичулеб; **~о́е пи́во** тIун бичулеб пиво

РАЗЛИНОВА́ТЬ *сов. что* мухъал цIазе, хIуччал рахъизе; **~ тетра́дь** тетрадалда мухъал цIазе

РАЗЛИНО́ВЫВАТЬ *несов. см.* **разлинова́ть**

РАЗЛИ́ТЬ *сов. что* гIодобе тIезе; **~ молоко́** рахь гIодобе тIезе 2) (*налить*) тIезе; **~ чай гостя́м** гьалбадерие чай тIезе; **~ вино́ по бутылкам** чагъир шушбузухъе тIезе

РАЗЛИ´ //ТЬСЯ *сов.* 1) (*пролиться*) чвахун гIодобе ине, чвахун ине, чвахизе 2) (*выйти из берегов*) гIор щвезе 3) *перен. (распространиться)* тIибитIизе, рехизе; **румя́ нец ~лся по щека́м** гIанабазде багIарлъи рехана (*кIаркьабазда багIарлъи тIибитIун ана*)

РАЗЛИЧА́ТЬ *несов. см.* **различи́ ть**

РАЗЛИЧА́ТЬСЯ *несов.* батIа бахъизе лъалеблъун букIине; бералъ, гIиналъ босизе

РАЗЛИ́ЧИ//Е *с* батIалъи; **зна́ки ~я** батIалъиялъул гIаламатал, ишараби ◊ **без ~я** батIалъи гьечIого (*лъиданиги-сунданиги гьоркьоб*)

РАЗЛИЧИ́ТЬ *сов. кого-что* 1) (*распознать*) батIа гьабизе лъазе; **~ цвета́** кьерал ратIа гьаризе лъазе; **~ в темноте́ приближа́ющегося челове́ка** бецIлъуда аскIовегIан гIагарлъулев чи ватIа гьавизе лъазе 2) (*отличить*) батIа гьабизе; **~ тка́ни по цве́ту** ххамал кьераздалъун ратIа гьаризе (ратIа рахъизе)

РАЗЛИ́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*неодинаковый*) батIи-батIияб; **у нас ~ые мне́ния** нижер батIи-батIиял пикраби руго; **~ пла́ны** батIи-батIиял планал; **~ ые расте́ния** батIи-батIиял хурдул 2) (*всевозможный*) рукIине бегьулел (*батIалъаби*); **он за́нят ~ыми дела́ми** гьев батIи-батIиял ишазде машгъуллъун вуго

РАЗЛОЖЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **разложи́ ть**) бикьи **2**. (*по гл.* **разложи́ ться**) пасалъи **3**. (*гниение*) тури

РАЗЛО́ЖИ́ТЬ *сов.* 1) *что* ратIа гьарун лъезе; **~ кни́ги по по́лкам** тIахьал полкабазда ратIа гьарун лъезе 2) *что (положить расправив)* бич-бичун, тIибитIун лъезе; **~ ковёр** тIанса (*гIодоб*) (тIибитIун) тIамизе 3) *что (распределить)* тIад бикьизе; **~ нало́г** налог тIад бикьизе 4) *что (на составные части)* бикь-бикьизабизе (*жиндирго бутIабазде*) 5) *кого-что перен. (морально)* чиясул гIадлу-низам хвезабизе 6) **~ костёр** цIа бакизе

РАЗЛОЖИ́//ТЬСЯ *сов.* 1) (*разместиться*) жиндирго къайи-къоно кколелъуб лъезе 2) (*на составные части*) бутIабазде бикьун ине, биххизе; **вода́ ~лась на водоро́д и кислоро́д** лъим водородалдеги кислородалдеги бикьун ана 3) (*сгнить*) туризе 4) *перен. (дезорганизоваться)* гIадлу-низам биххизе

РАЗЛОМА́ТЬ *сов. что* 1) бек-бекизе, гъуризе; **~ па́лку** тIил бек-бекизе 2) (*разрушить*) биххизабизе; **~ ста́рый сара́й** басрияб гьор биххизабизе, тIатIала ккезабизе

РАЗЛОМА́ТЬСЯ *сов. разг.* бекун бутIабазде биххун ине, тIатIала ккезе, биххун ине

РАЗЛОМИ́//ТЬ *сов.* 1) *что (на части)* бекун бутIабазде бикьизе, кескал гьаризе 2) *безл. кого-что* рукьби цIунизе; **меня́ всего́ ~ло** дир рукьби цIунулел руго (рекулеб гIадаб хIал буго)

РАЗЛОМИ́ ТЬСЯ *сов.* бек-бекун ине, бекун кескал лъугьине

РАЗЛОХМА́ТИТЬ *сов. кого-что разг.* керчлъизабизе, гъалгъализабизе

РАЗЛУ´ КА *ж* **1.** (*по гл.* **разлучи́ ться**) ратIалъи (*цоцадаса*) **2.** (*жизнь вдали от близких*) гIагарлъиялдаса тIураб гIумру, гIагарлъиялдаса (гIагараздаса) рикIкIадаб гIумру

РАЗЛУЧА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **разлучи́ ть(ся)**

РАЗЛУЧИ́ТЬ *сов. кого с кем-чем* цоцаздаса тIезаризе, ратIа гьаризе; **~ отца́ с сы́ ном** эмен васасдаса ватIа гьавизе; **~ друзе́й** гьудулзаби цоцаздаса ратIа гьаризе, тIезаризе

РАЗЛУЧИ́ТЬСЯ *сов. с кем-чем и без доп.* цоцаздаса ратIалъизе, тIезе

РАЗЛЮБИ´ ТЬ *сов. кого-что с неопр.* рокьи бичизе, рихине, ракI буссине

РАЗМАГНИ́ТИТЬ *сов. что* макънатIисалъул хасият тIагIинабизе

РАЗМАГНИ´ ТИТЬСЯ *сов.* макънатIисалъул хасиятал хвезе, тIагIине

РАЗМАГНИ´ ЧИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **размагни́ тить(ся)**

РАЗМА́ЗАТЬ *сов. что* 1) жужа-куказе, киса-кибего бахине; **~ грязь по лицу́** чороклъи киса-кибего гьурмада бахине, жужазе 2) *перен. разг. (длинно рассказать)* кколелдаса цIикIкIун рагIа-ракьан бахъун бицине; халат гьабун (бичIчIулареб куцалъ) бицине

РАЗМА́ЗА//ТЬСЯ *сов.* жужан ине; **грязь ~лась по по́лу** чороклъи чIабаралда лулан ана

РАЗМАЗНЯ´ *разг.* 1) *ж (жидкая каша)* лъамияб карщ; хIичи́ 2) *м, ж (о человеке)* таваккал гьечIев, вечIарав чи; кулъун, бечIак

РАЗМА́ЗЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **разма́зать(ся)**; жужазе, бахине

РАЗМАЛЕВА́ТЬ *сов. что разг.* махшел гьечIого бахъизе, жужа-куказе, бахине

РАЗМАЛЁВЫВАТЬ *несов. см.* **размалева́ть**

РАЗМА́ЛЫВАТЬ *несов. см.* **размоло́ть**

РАЗМА́ТЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **размота́ть(ся)**

РАЗМА́Х *м* **1.** (*по гл.* **размахну́ться**) хьвагIи; гьолач; **уда́рить с ~у** хьвагIун (*нахъеги биччан*) кьабизе **2**. (*расстояние*) хьвагIи́, *гьелъул* халалъи **3**. *тех.* хьвагIун толеб манзил; **~ ма́ятника** маятникалъ хьвагIун толеб манзил (хьвагIалъул халалъи) **4**. *перен. (охват, масштаб)* пуртIи; **широ́кий ~ рабо́ты** хIалтIул гIатIидаб (кIудияб) пуртIи

РАЗМА́ХИВАТЬ *несов. чем* хьвагIезабизе; **~ рука́ми при ходьбе́** рилъулъунаго кверал хьвагIезаризе

РАЗМА́ХИВАТЬСЯ *несов. см.* **размахну́ться**

РАЗМАХНУ´ ТЬ *сов. чем (сделать взмах)* хьвагIун биччазе; **~ кнуто́м** цIал хьвагIун биччазе

РАЗМАХНУ´ ТЬСЯ *сов.* 1) (*замахнуться для удара*) *щибниги* кьабизе, рехизе, (*квер, тIил…*) нахъе-цебе биччан хьвагIизе; **размахну́лся и уда́рил** хьвагIана ва кьабун биччан тана 2) *перен. разг. (предпринять что-л. в широких размерах)* гьабулеб ишалъул пуртIи букIине

РАЗМА́ЧИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **размочи́ ть(ся)**

РАЗМА́ШИСТЫЙ, -ая, -ое хьвагIи́ кIудияб, чIахIи-махIияб; **~ шаг** кIудияб гали; **~ по́черк** чIахIи-махIияб хатI

РАЗМЕЖЕВА́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **размежева́ть**) гIурхъи чIван бикьи; *лъилниги* ишалъул гIурхъи чIезаби **2**. (*по гл.* **размежева́ться**) гIорхъабаздалъун ратIалъи; гьоркьоб гIурхъи чIвай

РАЗМЕЖЕВА́ТЬ *сов. что* 1) (*разделить*) гьоркьоб гIурхъи чIвазе, гIурхъи чIезабизе, гIурхъи чIван бикьизе; **~ рабо́ту учрежде́ний** учреждениябазул хIалтIи гIурхъи чIван бикьизе

РАЗМЕЖЕВА́ТЬСЯ *сов. с кем* 1) (*разделиться)* гIорхъаби чIван ратIалъизе (*ракьал, милкал рикьун*) 2) *перен. (разграничить*) гьарулел ишазда, борчазда гьоркьор гIорхъаби чIвазе

РАЗМЕЖЁВЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **размежева́ть(ся)**

РАЗМЕЛЬЧА́ТЬ *несов. см.* **размельчи́ ть**

РАЗМЕЛЬЧИ´ ТЬ *сов. что* гIисин гьабизе, хъуризе, хъуризабизе

РАЗМЕЛЬЧИ´ ТЬСЯ *сов.* гIисинлъизе, хъуризе (*жибго*)

РАЗМЕ́Н *м* **1.** (*по гл.* **разменя́ть**) хисун гIисин гьаби (*гIарац*) **2**. (*по гл.* **разменя́ться**) цоцазе хиси; **~ плённых** асирал (*цоцазухъ*) хиси **3.** цоцазе кьей *(сайгъатал)*

РАЗМЕ́НИВАТЬ *несов. см.* **разменя́ ть**

РАЗМЕ́НИВАТЬСЯ *несов. см.* **разменя́ ться**

РАЗМЕ́НН//ЫЙ, -ая, -ое 1) хисизе бугеб 2) гIисинаб; **~ая моне́та** гIисингIарац

РАЗМЕНЯ́ТЬ *сов. что* 1) хисизе, гIисин гьабизе; **~ де́сять рубле́й** анцIго гъурущ гIисин гьабизе (*хисизе*) 2) (*обменять*) хисизе; **~ кварти́ ру** рукъ хисизе

РАЗМЕНЯ́ТЬСЯ *сов. разг.* 1) *спец.* цоцазе хисизе; **~ пешками** пешкаби цоцазе хисизе (чIвазе кьезе) 2) *перен.* гIиси-бикъинаб жояльe харж гьабизе; **~ на ме́лочи** гIиси-бикъинаб жояльe харж гьабулел рукIине 3) цоцазе кьезе *(сайгъатал)*

РАЗМЕ́Р *м* 1) (*величина*) кIодолъи-гьитIинлъи; **~ ко́мнаты** рукъалъул кIодолъи-гьитIинлъи 2) (*изделия, вещи*) роцен; **~ костю́ма** костюмалъул роцен 3) (*количество чего-л.*) къадар; **~ за́работной пла́ты** харжалъул къадар

РАЗМЕ́РЕНН//ЫЙ, -ая, -ое борцараб, цокIалаб; **~ым ша́гом** цокIалаб, гIодобе биччараб рилълъиналъ; **~ые движе́ния** цIокIалал рагъа-рачариял

РАЗМЕ́РИТЬ *сов. что (установить размеры*) борцун хIисаб гьабизе, роцаде бикьизе; **~ме́сто для постро́йки** рукъ (*мина*) базе бакI борцине, борцун хIисаб гьабизе 3) *перен. (определить величину чего-л.*) кIодолъи лъазабизе, борцине; **~ свои́ си́ лы** жиндирго кутак (*къуват*) борцине

РАЗМЕРЯ´ ТЬ *несов. см.* **разме́рить**

РАЗМЕСИ́ТЬ *сов. что* буцизе; ~ кIвекIизе, кIкIукIкIазе; **гли́ну** хIатI кIкIукIкIазе

РАЗМЕСТИ´ *сов. что* лъухьун бацIцIад гьабизе, лъухьизе; **~ доро́жку** нух лъухьизе; **~ снег** гIазу лъухьизе (лъухъазе)

РАЗМЕСТИ́ ТЬ *сов. кого-что* жинди-жиндир бакIалда рекъезабизе; ~ **гостéй** гьалбал жинди-жиндир бакIалда парахат гьаризе 2) (*распределить*) гIемеразда гьоркьоб бикьизе; ~ **заём** заемал рикьизе

РАЗМЕСТИ́ ТЬСЯ *сов.* жинди-жиндир бакIалда чIезе; **удóбно ~ в вагóне** вагональуб санагIаталда жинди-жиндир бакIалда чIезе

РАЗМЕТА́ТЬ[1] *несов. см.* **размести́**

РАЗМЕТА́ТЬ[2] *сов.* 1) *что (раскидать)* рахъ-рахъалде рехизе, щущазабизе 2) *что (раскинуть руки, ноги)* гIебеде ритIизе 3) *перен. (заставить разбежаться)* рахъ-рахъалде тIуризаризе

РАЗМЕТА́ТЬСЯ *сов.* 1) (*сесть или лечь, раскинув руки*) тирщун риччан (ричча-рихъан) квералгун гIодов чIезе яги вегизе 2) (*расположиться в беспорядке*) гIадлу-низам гьечIого тIиритIун рукIине, рехун рукIине

РАЗМЕ́ТИТЬ *сов. что* гIужал разе, ишараби гьаризе; ~ **уча́стки по́ля** хурул бутIабазда (*гьоркьор*) гIужал разе, гIурхъи чIвазе

РАЗМЕ́ТКА *ж* 1) гIужал гьарун тей, ишараби гьари 2) лъазелъун лъураб гIуж (ишара)

РАЗМЕ́ТЧИК *м* гIуж чIвалев (балев) чи

РАЗМЕ́ТЧИЦА *ж* гIуж чIвалей (балей) гIадан

РАЗМЁТЫВАТЬ *несов. см.* **размета́ть**

РАЗМЕЧА́ТЬ *несов. см.* **разме́тить**

РАЗМЕЧТА́ТЬСЯ *сов. разг.* гьуинал хиялазде вазе, анищазда вукIине

РАЗМЕША́ТЬ *сов. что* лъикI жуба-гъубазабизе; ~ **са́хар в ча́е** чайдулъ чакар багъаризе

РАЗМЕША́ТЬСЯ *сов. разг.* лъикI жуба-гъубазе

РАЗМЕ́ШИВАТЬ[1] *несов. см.* **размеси́ ть**

РАЗМЕ́ШИВАТЬ[2] *несов. см.* **размеша́ть**

РАЗМЕ́ШИВАТЬСЯ *несов. см.* **размеша́ться**

РАЗМЕЩА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **размести́ ть(ся)**

РАЗМЕЩЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **размести́ ть**) жинди-жиндир бакIалда лъун рекъезаби **2.** (*по гл.* **размести́ться**) жинди-жиндир бакIалда рукIин **3.** (*порядок, система*) рекъезабун, бикьун лъураб куцалъул низам, къагIида

РАЗМИНА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **размя́ ть(ся)**

РАЗМИНИ́РОВАТЬ *сов. что* лъурал ми́наби рахъизе, ми́набаздаса *кинаб бугониги бакI (ралъдал бутIа)* эркен гьабизе

РАЗМИ́ НКА *ж разг.* **1.** (*по гл.* **размя́ть**) кIвекIун (лъулъан) тамахлъизаби **2.** (*по гл.* **размя́ться**) тамахлъи; рагъа-рачарун (упражнениял гьарун) черх рукIалиде ккей

РАЗМИНУ́ТЬСЯ *сов.* 1) (*разойтись в пути*) нухда данде ккечIого рукIине 2) *с кем-чем (пройти мимо) лъиданиги-сунданиги* аскIосан ине 3) (*разойтись при встрече*) дандеги ккун ратIалъизе

РАЗМНОЖА́ТЬ *несов. см.* **размно́жить**

РАЗМНОЖА́ТЬСЯ *несов.* 1) *см.* **размно́житься** 2) *биол.* рижи лъугьине, гIемерлъизе

РАЗМНОЖЕ́НИЕ *с* 1) (*по гл.* **размно́жить**) къадаралъулъ цIикIкIинаби 2) (*по гл.* **размно́житься**) гIемер лъугьин, цIикIкIин 3) *биол.* наслу гIемер гьаби, рижи лъугьин

РАЗМНО́ЖИТЬ *сов.* 1) *что* гIемер гьабизе; ~ **ру́копись** квералъ хъвараб жо гIемер гьабизе, копиял рахъизе 2) *кого-что разг. (расплодить)* наслу гIемер гьабизе, къинлъаризабизе

РАЗМНО́ЖИТЬСЯ *сов.* 1) къадаралъулъ цIикIкIине 2) *биол. (расплодиться)* гIемерлъизе, тIинчI гIемерлъизе

РАЗМОЗЖИ́ТЬ *сов. что* чIинтIизабизе, гъуризе, бекизе; ~ *кому-л.* **го́лову** *лъилниги* бетIер щущазабизе

РАЗМОКА́ТЬ *несов. см.* **размо́кнуть**

РАЗМО́К//НУТЬ *сов.* биччун хIеккине, биччун цуризе; **сухари́ ~ли** сухари хIеккун буго

РАЗМО́Л *м* 1) (*по гл.* **размоло́ть**) ххин 2) (*качество размельчения*) ханжу ххараб куц; **мука́ хоро́шего ~а** лъикI ххараб ханжу; **мука́ кру́пного ~а** чIахIаго,салъго ххараб ханжу

РАЗМО́ЛВКА *ж* ракIхвей (*дагьа-макъаб*), гьоркьоб рагIи ккей; **ме́жду ни́ми произошла́** ~ гьезда гьоркьоб ракIхвей ккун буго, кIалъа-ралъай ккун буго

РАЗМОЛО́ТЬ *сов. что* ххине; хIаризе

РАЗМОЛО́ТЬСЯ *сов.* ххун ине; хъурун ине

РАЗМОРА́ЖИВАТЬ *несов. см.* **разморо́зить**

РАЗМОРИ́ //ТЬ *сов. безл. кого, разг.* хIал дагьлъизабизе, тамахлъизавизе; **меня́ ~ло от жары́** багIариялъ дир хIал дагьлъун буго

РАЗМОРО́ЗИТЬ *сов. что* цIер биинабизе, цIер чIвараб жо биинабизе

РАЗМОРО́ЗИТЬСЯ *сов. разг.* цIорой, квач тIагIине; цIер биун ине

РАЗМОТА́ТЬ *сов. что* жемараб жо бичизе; ~ **клубо́к** гIомо бичизе

РАЗМОТА́ТЬСЯ *сов.* бичун (*бачIине*) ине

РАЗМОЧИ́ ТЬ *сов. что* биччизабун хIеккинабизе; ~ **сухари́** сухари биччизабун хIеккинабизе

РАЗМОЧИ́ ТЬСЯ *сов.* хIеккине; биччиялъ цуризе

РАЗМЫ́ В *м* **1.** лъадаца квин **2.** лъадаца кванараб бакI

РАЗМЫВА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **размы́ ть(ся)**

РАЗМЫКА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **разомкну́ть(ся)**

РАЗМЫ́ СЛИТЬ *сов. разг.* лъикI пикру гьабизе, ургъун балагьизе

РАЗМЫ́ //ТЬ *сов. что* лъадаца кванизе, чучазабизе; **река́ ~ла бе́рег** гIуруца рагIал кванан буго, чучазабун буго

РАЗМЫ́ ТЬСЯ *сов.* карачалабазул, чвахиялъул асаралъ чурун ине

РАЗМЫШЛЕ́НИ//Е *с* 1) (*по гл.* **размышля́ ть**) ургъун бихьи, эргъей; **дать вре́мя на ~е** ургъизе заман кьезе; **по́сле до́лгих ~й** гIемер ургъун хадуб 2) (*дума, мысль*) пикру, ургъи; **он погрузился в ~я** гьев пикрабалъе ккана

РАЗМЫШЛЯ́ ТЬ *несов.* пикраби гьаризе, эргъезе

РАЗМЯГЧА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **размягчи́ ть(ся)**

РАЗМЯГЧЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **размягчи́ ть**) тамах гьаби, хIерен гьаби **2.** (*по гл.* **размягчи́ ться**) тамахлъи, хIеренлъи, хIеккин

РАЗМЯГЧИ́ ТЬ *сов. что* 1) (*сделать мягким*) тамах гьабизе, хIерен гьабизе 2) *перен.* чучизавизе, хIеккинавизе

РАЗМЯГЧИ́ ТЬСЯ *сов.* 1) (*стать мягким*) тамахлъизе, хIеренлъизе 2) *перен.* чучизе, хIеккине

РАЗМЯКА́ТЬ *несов. см.* **размя́ кнуть**

РАЗМЯ́ КНУТЬ *сов.* 1) (*стать мягким*) тамахлъизе 2) *кого-что перен. разг.* вичIазе, вичча-вихъан вукIине

РАЗМЯ́ ТЬ *сов. что* тIаде цун, лъулъан, кIвекIун тамах гьабизе; ~ **гли́ну** хIатI кIвекIун тамахлъизабизе 2) *перен. разг. (часть тела)*: ~ **ру́ки** кверал рагъа-рачаризаризе, кверазде чIаголъи бачIинабизе

РАЗМЯ́ТЬСЯ *сов. (стать мягким)* тамахлъизе; вичча-вихъазе

РАЗНАРЯ́ ДКА *ж лъилниги* хIажалъи хIисабалде босун гьабураб бикьи

РАЗНА́ШИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **разноси́ ть(ся)**

РАЗНЕ́ЖИТЬСЯ *сов.* цIакъго тамахлъизе, хIеренлъизе; санагIалъиялде, рахIаталде ругьунлъизе

РАЗНЕ́РВНИЧАТЬСЯ *сов. разг.* нервал рагъаризе, щцидахине

РАЗНЕС//ТИ́ *сов.* 1) *что (доставить)* батIи-батIиял бакIазде щвезаризе; **~ти газе́ты** газетал рикьун щвезаризе 2) *что (распределить)* рикьизе; ~ **счета́ по кни́гам** счетал кколе-кколел даптаразда рикьун хъвазе 3) *что разг. (развеять)* щущазабизе, бикьбикьизабизе; **ве́тер разнёс ту́чи** гьороца накIкIал щущазаруна 4) *что (распространить)* тIибитIизабизе; ~ **слух по всему́ го́роду** тIолабго шагьаралда хабар тIибитIизабизе; **~ти зара́зу** бахунеб унти тIибитIизабизе 5) *что перен. разг. (разгласить)* къватIиб рагIизабизе; ~ **та́йну** балъголъи къватIиб рагIизабизе 6) *что разг. (разрушить)* щущазабизе 7) *кого-что перен. разг. (разбранить)* квеш семизе, вагъизе, кIал-хъат биччазе

РАЗНЕСТИ́ СЬ *сов.* 1) (*о слухе и т.п.*) хех тIибитIизе, киназдаго лъазе 2) (*о звуках*) рикIкIаде рагIизе (*гьаракь*)

РАЗНИМА́ТЬ *несов. см.* **разня́ ть**

РАЗНИ́ ТЬСЯ *несов. (быть несходным)* батIалъи букIине

РА́ЗНИЦА *ж в разн. знач.* батIалъи; **кака́я тебе́ ~?** дуе батIалъи щиб? ~ **в цене́** багьаялъулъ бугеб батIалъи; ~ **лет** саназда гьоркьоб бугеб батIалъи

РАЗНОБО́Й *м разг.* батIалъи, дандеккунгутIи; **~ в рабо́те** хIалтIулъ дандеккунгутIи; **~ в правописа́нии** битIунхъваялъулъ бугеб батIалъи, дандеккунгутIи

РАЗНОВЕ́С *м* гIисинал гираби

РАЗНОВИ́ ДНОСТЬ *ж* 1) *биол.* цого жинсалъул тайпаялъулъ батIалъи; **~ пшени́цы** батIияб тайпаялъул ролъ 2) (*предмета, явления*) тайпаялъулъ батIалъи букIин; **но́вая ~ интеллиге́нции** цIияб, батIияб тайпаялъул интеллигенция

РАЗНОГЛА́СИ//Е *с* дандеккунгутIи (*пикраби, бицунеб жо*); рагIи дандеккунгутIи; **~я в показа́ниях свиде́телей** нугIзабаз бицунеб жоялъул дандеккунгутIи

РАЗНОГОЛО́СИЦА *ж разг.* 1) (*в пении*) данде кколареб кечI ахIи 2) (*во мнениях*) гIакълу, пикру дандеккунгутIи

РАЗНОИМЁНН//ЫЙ, *-ая, -ое* цIар батIияб

РАЗНОКАЛИ́БЕРНЫЙ, -ая, -ое 1) батIи-батIияб калибр (*каратI*) бугеб 2) *перен. разг.* батIи-батияб роцадул, формаялъул

РАЗНОМА́СТНЫЙ, -ая, -ое 1) квасул кьералдалъун батIа гьабулеб, батIа бахъулеб (*хIайваназул хIакъалъулъ*) 2) *перен. разг.* батIи-батIияб кьералъул, тайпаялъул; батIи-батIияб

РАЗНООБРА́ЗИ//Е *с* релъгьинчIеб жоялъул гIемерлъи, батIалъи; **~е форм** формабазул батIалъи; **вноси́ть ~е в жизнь** гIумру хисизабизе, бечед гьабизе

РАЗНООБРА́ЗИТЬ *несов. что* хиса-баси гьабизе, хисаби гьаризе

РАЗНООБРА́ЗН//ЫЙ, -ая, -ое батIи-батIияб; **~ые расте́ния** батIи-батIиял хурдул

РАЗНОПЛЕМЕ́ННЫЙ, -ая, -ое батIи-батIиял къавмаздасан (халкъаздасан) гIуцIараб

РАЗНОРАБО́ЧИЙ *м* цо чIараб махшел-хъулухъ гьечIев, батIи-батIияб, цебе ккараб хIалтIи гьабулев чи

РАЗНОРЕЧИ́В//ЫЙ, -ая, -ое бицунеб жо, калам данде ккола-реб; **~ые слу́хи** цоцада данде кколарел (къватIул) харбал

РАЗНОРО́ДНЫЙ, -ая, -ое тухум, напс, жинс батIи-батIияб; цоцада релъгьинчIеб, батIи-батIияб

РАЗНО́С *м* 1) (*по гл.* **разнести́**) батIи-батIиял бакIазде щвезаби, тIибитIизаби 2) *разг. (выговор)* критика гьаби, квешго семи

РАЗНОСИ́ТЬ[1] *сов. что (обувь и т.п.)* ретIун цIан рачIинаризе, ретIун гIатIилъизаризе (*хьитал)*

РАЗНОСИ́ ТЬ[2] *несов. см.* **разнести́**

РАЗНОСИ́ТЬСЯ[1] *сов.* (хIатIида) ретIун гIатIилъизе (*хьитал)*

РАЗНОСИ́´ТЬСЯ[2] *несов. см.* **разнести́ сь**

РАЗНО́СКА *ж разг.* (*по гл.* **разнести́**) кколе-кколелъубе босун щвезаби; батIи-батIияб бакIалда хъван бикьи; **~ по́чты** почта бикьи

РАЗНО́СН//ЫЙ, -ая, -ое 1) доре-гьанире ритIулел кагътал, документал хъвалеб; **~ая кни́га** доре-гьанире ритIулел къагътал, документал хъвалеб даптар 2) *разг. (резко критикующий)* кутакаб критика гьабураб; **~ая статья́** кутакаб критика гьабураб макъала

РАЗНОСТОРО́ННЯЯ, -яя, -ее 1) батIи-батIияб хIасил, магIна бугеб; батIи-батIиял интересал ругев, гIелмаби лъалев 2) *мат.* батIи-батIияб роцадул хьалбал, рахъал ругеб; **~ий треуго́льник** батIи-батIияб роцадул рахъал ругеб лъабокIон

РА́ЗНОСТ//Ь *ж* 1) батIалъи 2) *мат.* цо рикIкIен цогидалдаса бахъун хутIараб къадар (бахъи́ялъул хIасил)

РАЗНО́СЧИК *м* 1) *щибниги жо* бикьизе, щвезабизе хьвадулев чи 2) хьвадун *щибгини* бичулев чи

РАЗНО́СЧИЦА *ж* 1) *щибниги жо* бикьизе, щвезабизе хьвадулей гIадан 2) хьвадун *щибниги* бичулей гIадан

РАЗНОХАРА́КТЕРНЫЙ, -ая, -ое батIи-батIияб хасията-лъул, тIабигIаталъул

РАЗНОЦВЕ́ТНЫЙ, -ая, -ое батIи-батIияб кьералъул, батIи-батIиял кьерал гьарураб

РАЗНОЧИ́ НЕЦ *м ист.* разночинец (Р*оссиялда 19 абилеб векалда дворян тайпаялъул гурел интеллигентал*)

РАЗНОШЕ́РСТН//ЫЙ, -ая, -ое 1) батIи-батIияб кьералъул квас-рас бугеб 2) *перен. (разнообразный)* батIи-батIияб, цо гIадаб гьечIеб; **~ая пу́блика** батIи-батIияб тайпаялъул халкъ

РАЗНОЯЗЫ́ ЧНЫЙ, -ая, -ое батIи-батIияб мацIалъул

РАЗНУ́ЗДАННЫЙ, -ая, -ое 1) (*без удил*) чIолорхъо (квелъ) биччан тараб 2) *перен.* пасатав, пучав, гIоркьихъа ворчIарав

РАЗНУЗДА́ТЬ *сов. кого-что* 1) (*лошадь*) кIалдиса кIалдираял рахъизе 2) *перен. разг.* бокьухъе виччан тезе

РАЗНУЗДА́ТЬСЯ *сов.* 1) (*о лошади*) кIалдиса рорчIизе, бахъун бачIине 2) *перен.* гIорхъолъа ине, рухьен тIун лъугьине, гIоркьихъа ворчIизе

РАЗНУ́ЗДЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **разнузда́ть(ся)**

РА́ЗН//ЫЙ, -а, -ое **1.** 1) (*неодинаковый*) батIияб, батIи-батIияб; **у них ~ые мне́ния** гъозул батIи-батIиял пикраби руго 2) (*разнообразный*) батIи-батIияб 3) (*другой*) батIи-батIияб, батIа тIураб; **они живу́т в ~ых ко́мнатах** гъол батIи-батIиял рокъор рукIуна **2.** *в знач. сущ.* **~ое** бата-батараб, щиб-щибниги

РАЗНЮ́ХАТЬ *сов. разг.* 1) махIалдасан лъазе 2) *перен.* гьоркьан лъазабизе; махI чIвазе

РАЗНЯ́ТЬ *сов. кого-что* 1) (*разъединить*) батIа гьабизе, батIа тIезабизе 2) (*развести силой в разные стороны*) хIалица ратIа гьаризе; **~ деру́щихся** рагъулел чагIи хIалица ратIа гьаризе

РАЗО..., *приставка*; *употребляется вместо* **«раз...»:** 1) *перед й:* **разойти́сь** 2) *перед двумя и более согласными:* **разогну́ть** 3) *перед согласной с последующим «ь»:* **разобью́**

РАЗОБИ́ ДЕТЬ *сов.* кутакалда ракI хвезабизе

РАЗОБИ́ ДЕТЬСЯ *сов.* кутакалда ракI хвезе, квеш букIине

РАЗОБЛАЧА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **разоблачи́ ть(ся)**

РАЗОБЛАЧЕНИЕ *с* **1.** (*по гл.* **разоблачи́ть**) къватIиб чIвазаби, тIатинаби **2.** (*по гл.* **разоблачи́ ться**) тIатин, къватIив чIвай, сури

РАЗОБЛАЧИ́ТЬ *сов. кого-что (раскрыть)* тIатинабизе,загьир гьабизе (*квешлъаби, тушманал ишал*), къватIиб чIвазабизе; **~ преда́теля** хилиплъарав къватIив чIвазавизе; **~ чьи-л. наме́рения** *лъилниги* ракIалда бугеб жо къватIиб тIатинабизе

РАЗОБЛАЧИ́ТЬСЯ *сов. (раскрыться)* тIатине, къватIиб чIвазе

РАЗОБРА́//ТЬ *сов.* 1) *что (разложить на части*) бутIаби ратIа гьаризе, бахъ-бахъизе; **~ть пулемёт** пулемет бахъ-бахъизе 2) *кого-что (взять по частям)* бутIаби ккун босизе; босун тIагIинабизе; **~ть все лу́чшие кни́ги** киналго лъикIал тIахьал росун лъугIизаризе 3) *что (привести в порядок)* кколе-кколелъуб лъун, низамалде ккезабизе, низамалде бачине; **~ть бума́ги** кагътазул низам гьабизе 4) *что (какое-л. сооружение*) бича-биххизе; **~ть дом** мина биххизе, бича-биххизе 5) *что перен. (расследовать)* бала-гъалагьун, цIехон лъазабизе; **~ть де́ло** цIехон иш лъазабизе 6) *что (понять, различить)* бичIчIизе, лъазе; **~ть по́черк** хатI лъазе; **я не ~л, что он говори́ л** дос абулеб жо дида бичIчIичIо

РАЗОБРА́ТЬСЯ *сов.* 1) жинди-жиндир бакIалда лъезе, низамалде бачине 2) (*понять*) бичIчIизе, мухIканлъи лъазе

РАЗОБЩА́ТЬ *несов. см.* **разобщи́ ть**

РАЗОБЩЁННОСТЬ *ж* батIалъи, бухьен гьечIолъи

РАЗОБЩЁННЫЙ, -ая, -ое цоцаздаса тIезабураб, батIа гьабураб, цоцазда бухьинчIеб, бухьен гьечIеб

РАЗОБЩИ́ ТЬ *сов. кого-что* 1) (*разъединить*) батIа гьабизе, батIа тIезабизе 2) (*прервать связь*) бухьен тIезабизе

РАЗОБЬЮ́ , разобьёшь *и т.д. буд. от* **разби́ ть**

РА́ЗОВЫЙ, -ая, -ое цо нухалъ бегьулеб; **~ биле́т** цо нухалъ бегьулеб билет; **~ сбор** цо нухалъ бакIарулев жо; **~ый про́пуск** цо нухалъ *кириниги* риччазе бугеб документ (пропуск)

РАЗОВЬЮ́ , разовьёшь *и т.д. буд. от* **разви́ ть**

РАЗОГНА́//ТЬ *сов.* 1) *кого-что (прогнать)* нахъе гьезе, рачахъизе; **~ соба́к** гьаби рачахъизе 2) *что (скуку и т.п.)* чIалгIен инабизе; **ве́тер ~л ту́чи** гьороца накIкIал риххизаруна 3) *что разг. (увеличить скорость)* хехлъи кутакалда цIикIкIинабизе

РАЗОГНА́ТЬСЯ *сов.* (*векерулаго, рекIун унаго*) кIудияб хехлъи босизе

РАЗОГНУ́ ТЬ *сов. кого-что* гьетIараб жо битIизабизе; **~ подко́ву** тIикъва битIизабизе; **~ спи́ ну** мугъ битIизабизе (*къуларалъуса*)

РАЗОГНУ́ ТЬСЯ *сов.* битIизе (*гьетIараб, къуларaб жо*)

РАЗОГРЕВА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **разогре́ть(ся)**

РАЗОГРЕ́ТЬ *сов. что* 1) хинлъизабизе; багIаризабизе; **~ мото́р** мотор багIаризабизе 2) цIорораб жо цIидасан хинлъизабизе, бахьизабизе; **~ обе́д** къадеквен хинлъизабизе

РАЗОГРЕ́//ТЬСЯ *сов.* цIакъго хинлъизе, бухIизе, багIаризе; **рабо́тая, мы ~лись** хIалтIулаго ниж цIакъ рагIарана

РАЗОДЕ́ТАЯ, -ая, -ое *разг.* кутакалда чIухIараб ретIел ретIарай

РАЗОДЕ́ТЬ *сов. кого-что разг.* чIухIараб ретIел ретIине (*лъиданиги*)

РАЗОДЕ́ТЬСЯ *сов. разг.* чIухIараб ретIел ретIине (*жиндаго*)

РАЗО́ДРАННЫЙ, -ая, -ое бихъ-бихъараб, тIутIураб

РАЗОДРА́ТЬ *сов. что разг.* бихъ-бихъизе, тIутIузе, тIутIун базе; **~ в кло́чья** бихъ-бихъун базе, бихъ-бихъун пара-пара гьабизе, кескал гьаризе

РАЗОДРА́ТЬСЯ *сов.* 1) бихъ-бихъизе, тIутIузе; бихъ-бихъун, тIутIун ине 2) кутакалда рагъизе

РАЗОЖГУ́, разожжёшь, разожгут *буд. от* **разже́чь**

РАЗОЖМУ́, разожёшь *и т.д. буд. от* **разжа́ть**

РАЗОЗЛИ́ТЬ *сов. кого* щин бахъинабизе, щидахинавизе

РАЗОЗЛИ́ТЬСЯ *сов.* щин бахъине, щидахине

РАЗОЙТИ́СЬ *сов.* 1) риххизе, рахъ-рахъалде, рокъо-рокъоре ине; **го́сти разошли́сь** гьалбал рокъо-рокъоре ана 2) (*рассеяться*) тIагIине, щущан, рикь-рикьун, рихх-риххун ине; **ту́чи разошли́сь** накIкIал рикь-рикьун ун тIагIана 3) (*разгладиться*) тIагIине, ритIа-ришун ине; **морщи́ны разошли́сь** рукIкIалаби тIагIана 4) (*раствориться*) биине; **са́хар в стака́не разошёлся** стаканалъуб чакар биун ана 5) (*разминуться*) (*цоцада данде унаго*) данде ккечIого хутIизе; **мы разошли́сь в доро́ге** ниж нухда данде ккечIо 6) (*расстаться)* цоцадаса ратIалъизе (*рос-лъади*) 7) *перен. (во мнениях и т.п.*) пикраби, гIакълу данде ккунгутIизе 8) (*разъединиться)* бичIун, батIалъун ине; **до́ски разошли́сь** хъарщал ричIун ун руго 9) (*оказаться распроданным)* бичун ине, тIагIине; **кни́га разошла́сь** тIехь бичун ана; **де́ньги разошли́сь** гIарац лъугIана, тIагIана (*гьаб-доб босун лъугIана*) 10) (*распространиться)* тIибитIизе; **слу́хи разошли́сь по селу́** хабар росулъ тIибитIана 11) (*разбушеваться)* цIакъ кутаклъизе, гIорхъолъа бор-чIизе; **дождь разошелся** цIад цIакъ кутаклъана 12) (*разделиться)* бикьун ине; гIаркьахине; **доро́га разошла́сь** нух бикьана

РАЗО́К *м разг.* цо нухалъ

РАЗОЛЬЮ́, разольёшь *и т.д. буд. от* **разли́ть**

РА́ЗОМ *нареч. разг.* 1) (*одновременно*) цойидасан, циндаго 2) (*в один прием*) цин, цо нухалъ

РАЗОМКНУ́ТЬ *сов. что* 1) батIа тIезабизе, ричIизе; **~ ве́ки** къапераби (берал) ричIизе, рагьизе 2) *воен.*: **~ строй** кьерда чIаразда гьоркьоб манзил цIикIкIинабизе

РАЗОМКНУ́//ТЬСЯ *сов.* 1) цоцадаса батIалъизе, цоцадаса тIезе 2) рагьизе, ричIизе (*жибго*), рагьун, ричIун ине; гьоркьобакI кIодолъизе

РАЗОМНУ́, разомнёшь и т.д. буд. от **размя́ть**

РАЗОМЛЯ́ТЬ *разг.* чухьарлъизе, тамахлъизе

РАЗОНРА́ВИТЬСЯ *сов. разг.* рокьи буссине, рихине

РАЗОПРЯ́ТЬ *сов. разг.* 1) (*разбухнуть*) цуризе, боргьине 2) (*распариться)* цIакъ вагIаризе, гIетI базе, гIетIулъан вецIцIизе

РАЗОПЬЮ́, разопьёшь *и т.д. буд. от* **распи́ть**

РАЗО́РВАННЫЙ, -ая, -ое (*рваный*) бихъ-бихъараб, тIутIураб

РАЗОРВ//А́ТЬ *сов.* 1) *что (на части)* бихъ-бихъизе, бихъ-бихъун базе, тIутIун базе; **~ бума́гу** кагъат бихъ-бихъун базе 2) (*порвать*) бихъизе; **я ~ла плато́к** дица (дихъа) кIаз бихъана 3) *кого (растерзать)* тIутIузе, чIвазе; **волк ~л овцу́** бацIица чахъу тIутIун, чIван рехана 4) *кого-что (взрывом)* кьвагьизе, бихъизабизе; **~ть скалу́** кьуру кьвагьизе; **котёл ~ло** хьаг бихъун ана, кьвагьана 5) *что с кем-чем перен. (прекратить, прервать)* гьоркьоблъи, бухьен тIезабизе; **~ть дипломати́ческие отноше́ния** дипломатиял гьоркьорлъаби тIезаризе ◊ **чтоб тебя́ ~ло** кьвагьаги мун, вихъ-вихъун аги

РАЗОРВА́//ТЬСЯ *сов.* 1) (*на части*) бихъизе, бихъ-бихъун ине, тIутIун ине 2) (*порваться*) бихъун ине; **шу́ба ~лась** тIимугъ бихъун ана, бихъана 3) (*взорваться)* кьвагьизе (*жанисан гучалъ*); **снаря́д ~лся** гIарададул гулла кьвагьана 4) *перен. (прекратиться, нарушиться)* гьоркьоблъи, бухьен тIезе (къотIизе) ◊ **не ~ться же** *кому лъилниги* гIемерал ишал ргIалде рахъинаризе къуват гIоларо (*вихъ-вихъунищха дун инев*)

РАЗОРЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **разори́ть**) магIишат биххизаби, **2.** (*по гл.* **разори́ться**) магIишат биххи, язихълъи

РАЗОРЁННЫЙ, -ая, -ое биххизабураб, чIунтизабураб, хвезабураб (*магIишат*); **~ войно́й** рагъуца биххизабураб, чIунтизабураб

РАЗОРИ́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое кIудияб зиян кьолеб, биххизабулеб, гьардухъанлъиялде ккезабулеб, язихълъиялде тIамулеб

РАЗОРИ́ТЬ *сов.* 1) *что (разрушить, опустошить)* биххизабизе, чIунтизабизе 2) *кого-что (довести до нищеты)* гьардухъанлъиялде ккезавизе, магIишат биххизабизе

РАЗОРИ́ТЬСЯ *сов.* гьардухъанлъиялде ккезе, магIишат чIунтизе, язихълъизе

РАЗОРУЖА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **разоружи́ть(ся)**

РАЗОРУЖЕ́НИ//Е *с* **1.** (*по гл.* **разоружи́ть**) ярагъ гIодоб лъезаби **2**. (*по гл.* **разоружи́ться**) ярагъ гIодоб лъей

РАЗОРУЖИТЬ *сов. кого-что* 1) кодоса ярагъ бахъизе, яргъидаса махIрум гьавизе, ярагъ гIодоб лъезабизе; **~ проти́вника** тушманасда кодоса ярагъ бахъизе 2) *перен.* кьеркьезе бугеб ресалдаса махIрум гьавизе

РАЗОРУЖИ́ТЬСЯ *сов.* ярагъ тIаса бахъизе; ярагъ гIодоб лъезе

РАЗОРЯ́ТЬ *несов. см.* **разори́ть**

РАЗОРЯ́//ТЬСЯ *несов.* 1) *см.* **разори́ться** 2) *груб.* щиб гьабулеб, абулеб бугебали лъаларе хIалалде ккезе; семизе, рогьрал разе

РАЗОСЛА́ТЬ *сов. кого-что* рахъ-рахъалде ритIизе; **пи́сьма ~** кагътал ритIизе 2) (*отправить всех*) киналго ритIизе

РАЗОСПА́ТЬСЯ *сов. разг.* ворчIичIого гIемераб мехалъ кьижизе

РАЗОСТЛА́ТЬ *сов. что* гIодоб тIамизе, тIибитIизе; **~ ковёр** халича гIодоб тIамизе, тIибитIизе; **~ се́но на лугу́** харибакIалда бакъвараб хер тIибитIизе

РАЗОСТЛА́//ТЬСЯ *сов.* тIибитIизе, гIодоб бигъизе; **тума́н ~лся по земле́** накIкI ракьалда тIибитIана

РАЗО́ХАТЬСЯ *сов. разг.* агь, вай бачине

РАЗОХО́ТИТЬСЯ *сов. разг.* кутакалда гъира ккезе, бокьизе, къасд ккезе

РАЗОЧАРОВА́НИЕ *с* ракI буссин, божилъи хвей; **~ в дру́ге** гьудуласдаса ракI буссин; **~ в жи́зни** гIумруялдаса ракI буссин

РАЗОЧАРО́ВАННОСТЬ *ж* ракIбуссин, божилъи хвей

РАЗОЧАРО́ВАННЫЙ, -ая, -ое ракI буссарав, божи хварав; **~ челове́к** ракI буссарав чи; ракIбуссин бихьизабулеб

РАЗОЧАРОВА́ТЬ *сов. кого-что в ком-чём* ракI буссинабизе

РАЗОЧАРОВА́ТЬСЯ *сов. в ком-чем и без доп.* ракI буссине, рокьи бичизе, божилъи хвезе

РАЗОЧАРО́ВЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **разочарова́ть(ся)**

РАЗРАБА́ТЫВАТЬ *несов. см.* **разрабо́тать**

РАЗРАБО́ТАТЬ *сов. что* 1) (*обрабатывая подготовить*) тIад хIалтIун хIадур гьабизе; **~ зе́млю** ракь къачIазе; **~ прое́кт** проект гьабизе 2) (*усовершенствовать*) тIад хIалтIи гьабун цебе тIезабизе, лъикI лъугьинабизе

РАЗРАБО́ТКА *ж* **1.** (*по гл.* **разрабо́тать**) хIалтIи, хIалтIун бахъи, тIад хIалтIи гьаби **2.** *горн. (место добычи ископаемых*) магIдан бахъулеб бакI

РАЗРА́ВНИВАТЬ *несов. см.* **разровня́ть**

РАЗДРАЖА́ТЬСЯ *несов. см.* **разрази́ться**

РАЗРАЗИ́ТЬСЯ *сов.* 1) (*проявиться с силой*) балагьлъун тIад рештIине, щвезе; **разрази́лась бу́ря** кутакалда гьури багьарана 2) *чем перен.* рекIел хIал кутакалда загьир гьабизе, къватIибе бор-чIизе; **разрази́ться гро́мким сме́хом** кутакаб релъи гьабизе;**~ бра́нью** квеш семун виччазе

РАЗРАСТА́НИЕ *с* (*по гл.* **разрасти́сь**) гIемерлъи, кIудияб гIей, кIодолъи

РАЗРАСТА́ТЬСЯ *несов. см.* **разрасти́сь**

РАЗРАСТИ́СЬ *сов.* гIемерлъизе, кIодолъизе, кIудияб гIезе; **го́род разро́сся** шагьар кIодолъун буго

РАЗРЕВЕ́ТЬСЯ *сов. разг. (начать сильно плакать)* гIодун виччан тезе, кутакалда гIодизе лъугьине, гIергIедун виччазе

РАЗРЕДИ́ТЬ *сов. что* 1) (*сделать реже*) лъедер гьабизе; **~ дере́вья** гъутIби лъедер гьаризе

РАЗРЕДИ́ТЬСЯ *сов.* 1) (*стать реже*) лъедерлъизе 2) (*стать менее плотным*) гъунки дагьлъизе

РАЗРЕЖА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **разреди́ть(ся)**

РАЗРЕЖЁННОСТЬ *ж* лъедерлъи; **~ во́здуха** гьаваялда гъорлъ кислород дагь букIин

РАЗРЕЖЁНН//ЫЙ, -ая, -ое лъедер гьабураб, лъедераб, ризаб гуреб; **~ые посе́вы** лъедерал рекьарал жал

РАЗРЕ́З *м* 1) (*по гл.* **разре́зать**) къотIун бутIабазде бикьи, къотI-къотIи 2) (*разрезанное место*) къотIараб бакI, къотIи́; **~ на пла́тье** гурдеялъул къотIи́ 3) (*сечение*) суйи, къотIи, сураб бакI

РАЗРЕ́ЗАТЬ *сов. что* 1) къотIун бутIабазде бикьизе, къотIизе; **~ мя́со на куски́** (*къотIун*) гьанал кескал гьаризе 2) сузе; **~ нары́ в** тIихь, хьордораб бакI сузе, къотIизе

РАЗРЕЗА́ТЬ *несов. см.* **разре́зать**

РАЗРЕЗН//О́Й, -ая, -ое 1) (*служащий для разрезания*) къотIарулеб, къотIаризе бугеб; **~о́й нож** къотIарулеб нус 2) (*имеющий разрез*) къотIараб, сураб бакI бугеб

РАЗРЕША́ТЬ *несов. см.* **разреши́ ть**

РАЗРЕША́//ТЬСЯ *несов. см.* 1) *см.* **разреши́ться** 2) *безл.* биччазе, бегьизе; **здесь кури́ть не ~ется** гьаниб хъалиян цIазе бегьуларо, биччаларо

РАЗРЕШЕ́НИ//Е *с* 1) (*позволение*) изну, ихтияр; **дать ~е** ихтияр, изну кьезе; **~е на охо́ту** чан гьабизе ихтияр, изну; **с ва́шего ~я** дур изнуялдалъун 2) тIаса бихьи, лъугIи; **~е от бре́мени** лъимер гьаби, лъимер гьабун тIаса бихьи 3) *разг. (документ)* ихтияр кьураб кагъат; **у меня́ есть ~е** дир ихтияр кьураб кагъат буго (*ихтияралъе документ буго*)

РАЗРЕШИ́ МЫЙ, -ая, -ое тIубазе кIолеб

РАЗРЕШИ́ТЬ *сов. что, с неопр.* 1) *(позволить)* изну кьезе; **~ вы́езд из го́рода** шагьаралдаса ине изну кьезе 2) *что (решить)* битIараб жаваб батизе; **~ нау́чную пробле́му** гIелмияб проблемаялъе битIараб жаваб батизе 3) хIукму къотIизе, дагIба къотIизабизе; **~ сомне́ния** щакдари лъугIизабизе

РАЗРЕШИ́//ТЬСЯ *сов.* 1) (*стать решенным*) тIубазе; **вопро́с ~лся** суал тIубана 2) (*закончиться*) хIасил ккезе, лъугIизе; **де́ло ~лось** иш тIубана 3) лъимер гьабизе, къинлъизе

РАЗРИСОВА́ТЬ *сов. кого-что* 1) суратал рахъун, цIезабизе, бацизабизе; релъабаз белъине 2) *перен. разг. (представить в каком-л. виде*) *сундулниги хIакъалъулъ* берцинго, кIодо гьабун бицине

РАЗРИСО́ВЫВАТЬ *несов. см.* **разрисова́ть**

РАЗРОВНЯ́ТЬ *сов. что* битIизабизе, битIа-бишизабизе; **~ доро́жки** нухал ритIа-ришизаризе

РАЗРО́ЗНЕННЫЙ, -ая, -ое 1) (*лишенный единства*) бикьбикьараб, батIа тIураб, рахъ-рахъалде биххараб 2) (*неполный*) камураб, тIубачIеб (*комплект*)

РАЗРУБА́ТЬ *несов. см.* **разруби́ ть**

РАЗРУБИ́ ТЬ *сов. что* къотI-къотIизе, хъвалхьине; **~ поле́но** герен хъвалхьине, къотI-къотIун базе

РАЗРУГА́ТЬ *сов. кого-что разг.* квеш семизе, вагъизе

РАЗРУГА́ТЬСЯ *сов. с кем и без доп. разг.* кутакалда цоцалъ рагъизе, семизе; хьандезе

РАЗРУМЯ́ НИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **разрумя́ нить(ся)**

РАЗРУМЯ́ НИ//ТЬ *сов. кого-что* 1) *разг. (покрыть румянами)* багIараб релъен бахине, багIар гьабизе 2) (*вызвать румянец*) багIарлъизабизе (*нечон, квачалъ ва ц.*); **моро́з ~л щёки дете́й** квачалъ лъималазул кIаркьаби багIарлъизаруна

РАЗРУМЯ́ НИ//ТЬСЯ *сов.* 1) гьурмада багIар бахине 2) *перен.* багIарлъун лъугьине; **его́ лицо́ ~лось от моро́за** гьосул гьумер квачалъ багIарлъана

РАЗРУ́ХА *ж* магIишаталъулъ, гIуцIиялъулъ кколеб биххи, хараблъи

РАЗРУША́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **разру́шить(ся)**

РАЗРУШЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **разру́шить**) бекизаби, биххизаби, чIунтизаби; хараб гьаби **2**. (*по гл.* **разру́шиться**) гъури, беки, биххи, чIунти, хараблъи 3. (*то, что разрушено*) *гьеб* бекиялъул, биххиялъул хIасил *(биххизабунцинаб жо)*

РАЗРУ́ШЕННЫЙ, -ая, -ое биххизабураб, чIунтизабураб

РАЗРУШИ́ ТЕЛЬ *м* кинабго чIунтизабулев чи, харабчи

РАЗРУШИ́ ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое биххизабулеб, чIунтизабулеб, хараб гьабулеб; **~ урага́н** кинабго чIунтизабулеб кутакаб гьури

РАЗРУ́ ШИТЬ *сов. что* 1) *(разломать)* биххизабизе, бекизабизе, гьуризабизе, хвезабизе; **~ ста́рый дом** басрияб ригь биххизабизе 2) *перен. (привести к разрухе)* чIунтизабизе, тIатIала ккезабизе, хараблъизабизе, хвезабизе 3) *перен. (расстроить)* хвезаризе; **э́то разру́шило все мои́ пла́ны** гьелъ дир киналго планал хвезаруна

РАЗРУ́ ШИ//ТЬСЯ *сов.* 1) (*разломаться*) биххизе, чIунтизе; **ста́рый дом ~лся** басрияб ригь биххун ана; **сара́й ~лся** гьор тIатIала ккана 2) *перен. (прийти в упадок)* ахиралде щвезе, тIагIине; биххун ине 3) *перен. (не осуществиться)* тIубачIого хутIизе

РАЗРЫ́В *м* **1.** (*по гл.* **разорва́ть**) бихъизаби, тIезаби, кьвагьизаби **2.** (*по гл.* **разорва́ться**) бихъи, тIей, кьвагьи **3.** (*место разрыва*) тIураб бакI; **найти́ ~ про́вода** кварил тIураб бакI батизе **4.** (*разобщённость)* гьоркьоблъи тIей, хвей; барщи ◊ **~ се́рдца** ракI кьвагьи (*инфаркт*)

РАЗРЫВА́ТЬ[1] *несов. см.* **разорва́ть**

РАЗРЫВА́ТЬ[2] *несов. см.* **разры́ ть**

РАЗРЫВА́//ТЬСЯ *несов. см.* **разорва́тся** ◊ **у меня́ се́рдце ~ется** дир ракI бихъун унеб буго; дир ракI кьвагьулеб буго

РАЗРЫВН//О́Й, -ая, -ое кьвагьулеб, бихъулеб; **~а́я пу́ля** бихъулеб (*речIчIараб бакIалда кьвагьулеб*) гулла

РАЗРЫДА́ТЬСЯ *сов.* гIод-гIодун биччан тезе; кутакалда, рекIеде рачIунарого, гIодизе

РАЗРЫ́ ТЬ *сов. что* бухъун гьварилъи гьабизе; **~ я́ му** гвенд бухъизе 2) *разг. (раскидать)* хъирщун щущазабизе, хъирщизе; **~ все бума́ги на столе́** столалда ругелщинал кагътал хъирщулаго щущазаризе

РАЗРЫХЛЕ́НИЕ *с* гьогь гьаби

РАЗРЫХЛИ́ТЬ *сов. что* гьогь гьабизе, тамахлъизабизе; **~ зе́млю** ракь гьогь гьабизе

РАЗРЫХЛИ́ ТЬСЯ *сов.* гьогьлъизе, тамахлъизе (*ракь*)

РАЗРЫХЛЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **разрыхли́ ть(ся)**

РАЗРЯ́ Д[1] *м (класс, группа)* 1) тайпа, бикьи, тIел, класс, группа; **~ расте́ний** хурдузул тайпа 2) (*степень квалификации*) разряд, даража; **сле́сарь пе́рвого ~а** тIоцебесеб даражаялъул (*разряда-лъул*) слесарь

РАЗРЯ́ Д[2] *м* 1) (*по гл.* **разряди́ ть**[2]) чIехьей (*кьвагьулеб ярагъалъуса патрон, гулла... нахъе боси, кьвагьун чIобого гьаби*) 2) (*по гл.* **разряди́ ться**) патрон бахъун букIин, чIобоголъи

РАЗРЯДИ́ТЬ[1] *сов. кого разг. (нарядить)* чIухIараб ретIел ретIине (*лъиданиги*), чIухIизавун къачIазе

РАЗРЯДИ́ ТЬ[2] *сов. что (вынуть заряд)* чIехьезе, жаниса пат-рон, гулла-хер бахъизе; **~ ружьё** туманкI чIехьезе 2) (*выстрелить) (туманкI*) кьвагьизе 3) *физ.* электрикалъул ток лъугIизабизе (*батареялдаса...)* 4) *перен. щибниги* жо чуч гьабизе, тамахлъизабизе; **~ напряжённость междунаро́дной обстано́вки** халкъазда гьоркьосеб хIалалъул хIалуцин чучлъизабизе

РАЗРЯДИ́ТЬСЯ[1] *сов. разг. (нарядиться)* чIухIараб ретIел ретIине, къачIадизе

РАЗРЯДИ́ //ТЬСЯ[2] *сов.* 1) (*об оружии*) ярагъ гулла-хералдаса эркенлъизе 2) *физ.* электрикалъул ток лъугIизе 3) *перен.* чучлъизе; **~лась напряжённость междунаро́дной обстано́вки** халкъазда гьоркьосеб хIалалъул хIалуцин чучлъана

РАЗРЯ́ ДК//А *ж* **1.** (*по гл.* **разряди́ ть**[2]) 1) (*ружья*) патрон нахъе бахъи 2) *физ.* ток лъугIи **2**. *перен.* чу́члъи; **~а междунаро́дной напряжённости** халкъазда гьоркьосеб хIалалъул хIалуцин чучлъи **3.** *полигр.*: **набра́ть в ~у** хIарпазда гьоркьоб цIикIкIун бакI тун бищизе

РАЗРЯЖА́ТЬ(СЯ)[1,2] *несов. см.* **разряди́ ть(ся)**[1,2]

РАЗУБЕДИ́ ТЬ *сов. кого в чем* ракIчIей хисизабизе, пикруялдаса вуссинавизе

РАЗУБЕДИ́ ТЬСЯ *сов. в чем* пикру хисизе

РАЗУБЕЖДА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **разубеди́ ть(ся)**

РАЗУВА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **разу́ть(ся)**

РАЗУВЕ́РИТЬ *сов. кого* ракIчIеялдаса, божиялдаса вуссинавизе

РАЗУВЕ́РИТЬСЯ *сов.* ракIчIеялдаса, божиялдаса вуссине

РАЗУВЕРЯ́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **разуве́рить(ся)**

РАЗУЗНАВА́ТЬ *несов. см.* **разузна́ть**

РАЗУЗНА́//ТЬ *сов. что, о ком-чем и без доп. разг.* цIехарехон лъазабизе, мухIканго лъазабизе, нахъгIунтIизе; **всё ~л о нём** гьосул хIакъалъулъ кинабго лъазабуна

РАЗУКРА́СИТЬ *сов. кого-что разг.* чIухIизабун къачIазе; **~дом** мина́ чIухIизабун къачIазе

РАЗУКРА́СИТЬСЯ *сов. разг. сунца-сунцаниги* берцинлъизе

РАЗУКРА́ШИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **разукра́сить(ся)**

РАЗУКРУПНЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **разукрупни́ть**) кIудияб гIуцIи бикь-бикьун гIисин гьаби **2**. (*по гл.* **разукрупни́ться**) кIудияб гIуцIиялдасан гIисинал гIуцIаби лъугьин

РАЗУКРУПНИ́ ТЬ *сов. что* кIудияб гIуцIи бикь-бикьун гIисинал (гьитIинал) гIуцIаби гьаризе; **~ трест** трестги биххун гIисинал гIуцIаби гьаризе

РАЗУКРУПНИ́ТЬСЯ *сов. разг.* кIудияб гIуцIиялъул гIисинал гIуцIаби лъугьине

РАЗУКРУПНЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **разукрупни́ ть(ся)**

РА́ЗУМ *м* гIакълу; **уму́ непостижи́мо** гIакълу нахъгIунтIуларо, гIакълу хадуб гъоларо, бичIчIуларо, бичIчIизабун бажарулаго ◊ (*у него*) **ум за ~ захо́дит** пикру гьабун бажарулеб гьечIо

РАЗУМЕ́НИЕ//Е *с* бичIчIи; *сундулниги* магIнаялда нахъгIунтIи; **по моему́ ~ю** дир бичIчIиялда рекъон, дида бичIчIухъе

РАЗУМЕ́ТЬ *несов. сундулниги* магIна бичIчIизе, нахъгIунтIизе

РАЗУМЕ́//ТЬСЯ *несов.* 1) хIисабалде босун букIине, бичIчIизе 2) *в знач. вводн. сл.* **~ется** бичIчIула; **~ется, у ка́ждой пе́сни есть своя́ исто́рия** бичIчIула, щибаб кечIалъул буго жиндирго тарих

РАЗУ́ МНЫЙ, -ая, -ое 1) (*обладающий разумом*) гIакъилаб, гIакълу бугеб 2) (*толковый*) гIакълу, бажари бугев, бегIерав 3) (*оправдываемый разумом*) гIакълуялъ битIухъ гьабулеб

РАЗУ́ Т//ЫЙ, -ая, -ое хIатIазда хьитал гьечIев, хьитал рахъарав, хIатIида гIицIав; **ходи́ть ~ым** хIатIида гIицIго (хIатIилицIго) хьвадизе

РАЗУ́ ТЬ *сов. кого-что лъилниги* хIатIидаса хьитал рахъизе, хIатIал гIицI гьаризе

РАЗУ́ТЬСЯ *сов.* хьитал рахъизе (*жиндасаго*)

РАЗУ́ЧИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **разучи́ ть(ся)**

РАЗУЧИ́ТЬ *сов. что* рекIехъе лъазабизе; **~ но́вую пье́су** цIияб пьеса дагь-дагьккун, ругьун гьарулаго, рекIехъе лъазабизе

РАЗУЧИ́ ТЬСЯ *сов. гьабизе лъалеб букIараб жо* кIочон тезе; **~ игра́ть на мандоли́ не** мандолина хъвазе кIочон тезе

РАЗЪ- *приставка* (*гIурус мацIалда* **«раз»** *приставкаялъул бакIалда* **е, ю, я** *-ялда цебе хIалтIизабула*: **разъедини́ть, разъяри́ться**)

РАЗЪЕДА́ТЬ *несов. см.* **разъе́сть**

РАЗЪЕДИНЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **разъедини́ть**) батIа гьаби **2.** (*по гл.* **разъедини́ ться**) батIалъи, батIатIей

РАЗЪЕДИНИ́ТЬ *сов.* 1) *что (отделить)* батIа тIезабизе 2) (*разлучить) кого-что* батIа гьабизе

РАЗЪЕДИНИ́ ТЬСЯ *сов. (отделиться от чего-л.*) батIа тIезе, батIалъизе

РАЗЪЕДИНЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **разъедини́ ть(ся)**

РАЗЪЁЗД *м* 1) (*отъезд)* рахъ-рахъалде, кколе-кколелъуре *сунданиги* рекIун ин; риххун ин; **~ делега́тов** делегатал рокъо-рокъоре ин; **~ пу́блики из теа́тра** театралдаса халкъ биххун ин 2) *воен.* разъезд (*рагъда разведкаялъе яги бухьеналъе битIулеб рекIаразул тIинаб къукъа*) 3) *сунданиги* рекIун киве-кивениги ин, хьвади 4) *ж.-д.* разъезд *(маххул нух кIибикьун ин*; *кIибикьулеб бакI; гьениб бугеб гьитIинаб станция*)

РАЗЪЕЗЖА́ТЬ *несов.* цо бакIалдаса цоги бакIалде ине, хьвадизе (*рекIун*); **~ по го́роду** рекIун шагьаралда тиризе (сверизе)

РАЗЪЕЗЖА́ТЬСЯ *несов. см.* **разъе́хаться**

РАЗЪЁ//СТЬ *сов. что* кьавуялъ ва *цоги сунцаниги* кваназе; **кислота́ ~ла ру́ки** кислотаялъ кверал рагьизаруна, хвезаруна; **ржа́вчина ~ла желе́зо** махх кьавуялъ кванан буго

РАЗЪЁХА//ТЬСЯ *сов.* 1) (*уехать)* риххун рахъ-рахъалде, рокъо-рокъоре ине (*сунданиги рекIун*); **го́сти давно́ по дома́м ~лись** гьалбал некIого рокъо-рокъоре ана 2) *с кем и без доп. разг. (разлучаться)* ратIалъизе 3) (*разминуться) сунданиги рекIун, цоцада данде рачIунаго,* дандчIвачIого хутIизе 4) *перен. (рваться от ветхости)* басралъиялъ бихъун ине, щущан ине 5) *разг. (скользя, разъехаться в разные стороны*); **но́ги ~лись в ра́зные сто́роны** хъуштIун хIатIал рахъ-рахъалде ана

РАЗЪЯРЁННЫЙ, -ая, -ое ццидахараб, ццидал цIураб; тIури щвараб; **~лев** ццидахараб гъалбацI

РАЗЪЯРИ́ ТЬ *сов. кого* квеш ццидахинабизе; кутакалда ццин бахъинабизе; **~ зве́ря** жанавар ццидахинабизе

РАЗЪЯРИ́ ТЬСЯ *сов.* квеш ццидахине, балканахине

РАЗЪЯРЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **разъяри́ ть(ся)**

РАЗЪЯСНЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **разъясни́ ть**) баян кьей, *сундулниги* мурад, магIна, хIасил бичIчIизаби **2**. баянлъи, баянаблъун лъугьин **3.** (*словесное или письменное разъяснение чего-л.*) баян кьолеб калам, жваб, документ

РАЗЪЯСНИ́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое баян кьолеб, баян кьей мурадлъун бугеб; **~ая рабо́та** баян кьеялъул, бичIчIизабиялъул хIалтIи, бичIчIи кьеялъул хIалтIи

РАЗЪЯСНИ́ ТЬ *сов. что* бичIчIизабизе, баян кьезе, баян гьабизе; **~ пра́вило** правило (*къагIида*, *низам*) бичIчIизабизе

РАЗЪЯСНИ́ТЬСЯ *сов. разг.* баянлъизе, баянаблъун лъугьине

РАЗЪЯСНЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **разъясни́ ть(ся)**

РАЗЫГРА́ТЬ *сов.* 1) *что* музыкаялъул асар, театралъул пьеса бакъан бачун (пун, хъван) тIубазабизе 2) *что (играя в игру, закончить*) хIан рагIалде бахъинабизе; **~ одну́ па́ртию в ша́хматы** шахматазул цо партия хIазе (*хIан лъугIизабизе*) 3) *кого-что (посредством лотереи*) можрие лъезе 4) *кого-что (поднять на смех)* махсараде кквезе 5) *спорт. (выполнить какую-л. комбинацию)* командаялъулаб хIаялда *цо кинаб бугониги* комбинация гьабизе

РАЗЫГРА́//ТЬСЯ *сов.* 1) (*увлечься игрой*) васандизе, *щибниги* хIазе, бачине; хъвазе лъугьун, гьелде машгъуллъизе; **де́ти ~лись** лъимал хIаялде машгъуллъана 2) (*усилиться*) кутаклъизе; **у него ~лась мигре́нь** гъосул ботIрол унти (*мигрень*) кутаклъана; **мо́ре ~лось** ралъад гьалагIъана 3) (*произойти*) ккезе; **~лся бой** рагъ ккана

РАЗЫ́ ГРЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **разыгра́ть(ся)**

РАЗЫСКА́ТЬ *сов. кого-что* балагъун батизабизе, цIехон балагъизе; **~ пропа́вших бе́з вести** хабар къотIун тIагIарал цIехон ралагьизе

РАЗЫСКА́//ТЬСЯ *сов.* балагъун батизе; **ве́щи ~лись** къайи батана

РАЗЫ́ СКИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **разыска́ть(ся)**

РАЙ *м рел.* алжан

РАЙОН *м в разн. знач.* район; **экономи́ ческий** ~ экономикияб район; **в ~е вокза́ла** вокзал бугеб бакIалда; **хле́бный** ~ тIорщалил район; **полу́чена директи́ ва из ~а** районалдаса директива (*буюрухъ*) бачIун буго

РАЙОНИ́ РОВАНИЕ *с* (*по гл.* **райони́ ровать**) районазде бикьи

РАЙОНИ́ РОВАТЬ *сов. и несов. что* районазде бикьизе

РАЙО́ННЫЙ, -ая, -ое районалъул, районияб; **~ це́нтр** районалъул центр

РА́ЙСК//ИЙ, -ая, -ое 1) алжаналъул, алжанияб 2) *перен.* алжан гIадаб; **~ая жизнь** алжан гIадаб (*алжаналъуб гIадаб*) гIумру

РАК[1] *м зоол.* рак, ралъдал гарцI ◊ **он покрасне́л как ~** гъов цIа гIадин багIарлъана; **показа́ть, где ~и зиму́ют** аллагь вугеб бакI лъазабизе; **когда́ ~ сви́ стнет** кидаяли лъаларо; киданиги

РАК[2] *м мед.* рак (*унти*)

РАКЕ́ТА[1] *ж* 1) (*фейерверк*) ракета 2) (*летательный аппарат)* ракета

РАКЕ́ТА[2] *ж см.* **раке́тка**

РАКЕ́ТА-НОСИ́ТЕЛЬ *ж* ракета–носитель (*космосалде спутник, къайи щвезабулеб чанго бутIаялдасан гIуцIараб ракета*)

РАКЕ́ТКА *ж спорт.* ракетка; **те́ннисная ~** теннисалъул ракетка

РАКЕ́ТНО-КОСМИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое ракетазулгун космосалъулаб

РАКЕ́ТНО-Я́ ДЕРНЫЙ, -ая, -ое ракетазулгун ядернияб

РАКЕ́ТН//ЫЙ, -ая, -ое ракетаялъулаб, ракетаялъе бугеб; **~ый снаря́д** ракета гIадин боржунеб (*кьвагьун унеб*) гIарададул гулла; **~ая ба́за** ракетабазул база; **~ые войска́** ракетазулал аскарал;**~ое ору́жие** ракетазулаб ярагъ

РАКЕТОДРО́М *м* ракетодром (*ракетаби риччазе ва гьезул хIал бихьизе хас гьабун бараб бак1)*

РАКЕТОНО́СЕЦ *м* ракетоносец (ракетаби тIад ругеб гама)

РАКЕТОНОСИ́ТЕЛЬ *м см.* **ракетоно́сец**

РАКЕТОНО́СНЫЙ, -ая, -ое ракетаби тIад ругеб

РАКЕТОСТРОЕ́НИЕ *с* ракетаби гьари

РАКЕ́ТЧИК *м* ракетчик (*ракетаби гьарулев, хIалтIизарулев ялъуни ракетазулаб аскаралъул хъулухъчи*)

РАКИ́ ТА *ж бот.* ракита (*рицIигъутIбузул цо тайпа*)

РА́КОВИНА *ж* 1) (*защитный покров)* мукIучIи 2) (*водопроводная*) раковина, раса 3) *анат.* гIинзул свери

РА́КОВЫЙ[1], -ая, -ое раказул; **~ суп** раказул (*ралъдал гарцIазул*) чурпа

РА́КОВ//ЫЙ[2]**,** -ая, -ое *мед.* ракалъул; **~ая о́пухоль** ракалъул гьор, гьорой

РАКООБРА́ЗНЫЙ, -ая, -ое *зоол.* ралъдал гарцIил тайпаялъул

РАКУ́ ШКА *м* ччугIигIин (гIисинал мукIучIабазул цояб)

РА́М//А *ж* рама; **око́нные ~ы** гордазул рамаби; **~ для карти́ -ны** сурат лъолеб рама

РА́МК//А *ж* 1) рамка, гьитIинаб рама 2) *мн. и перен. (пределы, границы)* гIурхъи; **в ~ах прили́чия** адабалъул гIорхъода; **в ~ах зако́на** законалъул гIорхъода; **вы́ йти за ~и** гIорхъодаса борчIизе, гIорхъодаса къватIивехун ине (закон хвезабизе)

РА́МПА *ж театр.* рампа (*театралияб сценаялъул бутIа, цадахъ канлъи рекъезабулел чирахъалгун*)

РА́НА *ж прям., перен.* ругъун, лъукъел; **огнестре́льная ~** гуллил ругъун; **душе́вная ~** рекIел (*рекIеда лъураб*) ругъун

РАНГ *м* ранг (*даража, категория, чин*)

РА́НЕЕ *нареч. см.* **ра́ньше**

РАНЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **ра́нить**) лъукъи; **получи́ть ~** лъукъизе **2**. (*рана*) ругъун

РА́НЕНЫЙ, -ая, -ое **1.** лъукъарав, ругъун щварав **2**. *в знач. сущ. ~ м* лъукъарав (*чи*)

РА́НЕЦ *м* ранец (*мугъзада балеб ункъбокIонаб сумка*)

РАНИ́МЫЙ, ая, -ое 1) бигьаго лъукъизе кIолеб 2) *перен.* бигьаго жиндир ракI лъукъизе, ракI бекизабизе кIолев

РА́НИТЬ *сов. и несов. кого-что* 1) лъукъизе, ругъун лъезе; **~ в го́лову** бетIер лъукъизе 2) *перен. лъиданиги* рекIеда унтизабизе, ракI бекизабизе, рекIеда ругъун лъезе

РА́ННИЙ, -яя, -ее 1) цудунаб; **~им у́тром** радал цудунго 2) (*первый*) тIоцебесеб 3) (*рано наступивший*) хехаб, цудунаб; **~яя зима́** хехаб, цудунаб хасел 4) (*рано созревающий*) хехго барщулеб, щолеб; **~ие фру́кты** хехго барщулеб пихъ 5) (*преждевременный*) заман щвелалдего бачIараб; **~яя сме́рть** заман щвелалде бачIараб хвел; **с ~их лет** гьитIинаб мехалдасанго

РА́НО *нареч. и в знач. сказ. безл.* цудунго, хехго; **~ у́тром** радалго; **он пришёл сли́ шком ~** гъов цIакъго цудунго вачIана; **ещё ~** жеги цудунго буго ◊ **~ и́ ли по́здно** кида бугониги, кидаги

РАНТ *м* рант (*чакмаялда тIикъва сверун бахъулеб мухъ*); **сапоги́ на ~у́** рант бугел чакмаби

РА́НТОВ//ЫЙ, -ая, -ое рант бугеб, ранталъулаб; **~ая о́бувь** рант бугел хьитал

РАНТЬЕ́ *м нескл.* рантье (*капиталистиял улкабазда хIалтIичIого, захIмат бихьичIого бачIунеб хайиралдалъун бетIербахъи гьабулев чи*)

РАНЬ *ж разг.* радалго мех, радакьмех; **подня́ ться в таку́ю ~** гьадигIанго радакь вахъине

РА́НЬШЕ *нареч.* 1) *сравн. ст.* к **ра́но**; **я пришёл ~ всех** дун киназдасаго цеве вачIана 2) (*прежде другого*) цебе, цебеккун; **вы́ -полнить рабо́ту ~ сро́ка** болжалалдаса цебе хIалтIи тIубазабизе; **неде́лей ~** анкьалъ цебе 3) (*сначала*) цин; **~ вы́ слушай, а пото́м говори́** цин гIенекке, цинги кIалъай 4) (*в прежнее время*) некIо; **~ он жил здесь** некIо гьес гьаниб гIумру гьабулеб букIана; **~ здесь была́ пусты́ ня** цебе, (некIо) гьаниб бакъвараб, чIобогояб авлахъ букIана

РАПИ́РА *ж* рапира (*фехтованиялда-хочода рахъиналда хIалтIизабулеб хеч*)

РА́ПОРТ *м* рапорт; **отдава́ть ~** рапорт кьезе; **принима́ть ~** рапорт къабул гьабизе

РАПОРТОВА́ТЬ *сов. и несов.* рапорт кьезе; **~ о досро́чном выполне́нии пла́на** болжал щвелалдего план тIубаялъул хIакъалъулъ рапорт кьезе

РАПСО́ДИЯ *ж* рапсодия (*халкъиял темабазда бухьараб музыкияб асар*)

РАС- *приставка* (*гъугъал гьаркьазда цебе* **«раз»** *– алъул бакIалда хIалтIизабула:* **расколо́ть, расши́ ть**)

РА́СА *ж* раса (*инсанасул тайпаби рикьулеб шартIияб группа*)

РАСИ́ ЗМ *м* расизм (*инсанасул расаби ращадал гьечIин, цо раса цогидал расабаздаса тIокIаб ва тIадчилъи гьабизе кколеб бугилан абулеб, жибги гIелмуялда данде кколареб реакцияльулаб теория)*

РАСИ́ СТ *м* расист, расизмалъул рахъ кколев чи

РАСИ́ СТСК//ИЙ, -ая, -ое расистазулаб

РАСКАБАЛИ́ ТЬ *сов. кого-что* квершелалда гъоркьа ворчIизавизе, эркенавлъун гьавизе, чияда вачIевлъун гьавизе

РАСКАБАЛИ́ТЬСЯ *сов.* эркенлъизе, лагълъиялдаса вор-чIизе

РАСКАБАЛЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **раскабали́ ть(ся)**

РАСКА́ИВАТЬСЯ *несов. см.* **раска́яться**

РАСКАЛЁНН//ЫЙ, -ая, -ое багIарараб, цIакъ багIаризабураб; цIва бетараб; **~ое желе́зо** цIакъ багIаризабураб махх; **~ый добела́** хъахIилъи рехизегIан багIаризабураб; цIа гIадин багIаризабураб; цIва бетараб

РАСКАЛИ́ ТЬ *сов. что* цIакъ багIаризабизе

РАСКАЛИ́ ТЬСЯ *сов.* цIакъ багIаризе

РАСКА́ЛЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **расколо́ть(ся)**

РАСКАЛЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **раскали́ ть(ся)**

РАСКАПРИ́ ЗНИЧАТЬСЯ *сов.* кутакалда гогьдаризе, мекълъизе, барщаризе

РАСКА́ПЫВАТЬ *несов. см.* **раскопа́ть**

РАСКА́РМЛИВАТЬ *несов. см.* **раскорми́ ть**

РАСКАССИ́РОВАТЬ *сов. устар кого-что* биххизабизе; **~ полк** полк биххизабизе

РАСКА́Т *м* **1.** (*по гл.* **раската́ть**) бичи, тIибитIи (*гурараб жо*) **2**. (*по гл.* **раската́ться**) тIибитIун, гирун ин **3**. (*гул*) гъугъади, дваргъи, дванки; **~ы гро́ма** зодил гъугъай, гъугъаялъул дванки; **~ы сме́ха** релъул гIагIади

РАСКАТА́ТЬ *сов. что* 1) (*развернуть*) бичизе, тIибитIизе (*гурун лъураб жо*); **~ ковёр** халича тIибитIизе 2) (*катая, расплющить*) гирун тIерен гьабизе 3) гиризабизе; **~ брёвна** чIалаби гиризаризе, гирун рачине 4) битIа-бишизабизе; **~ доро́жку** нух битIа-бишизабизе

РАСКАТА́//ТЬСЯ *сов.* 1) гирун ине, тIибитIун ине 2) (*стать тонким*) тIеренлъизе

РАСКА́ТИСТЫЙ, -ая, -ое дванки-дваргъиялда букIунеб; халатаб гIагIадиялъул; **~ уда́р гро́ма** гъугъадиялъул халатаб дванки; **~ смех** халатаб кIудияб гьаракьалъул релъи, халатаб гIагIади

РАСКАТИ́ ТЬ *сов. что* 1) *что (покатить в разные стороны*) рахъ-рахъалде гиризаризе 2) *кого-что (придать скорость*) гиризабун хехго бачине; **~ колесо́** гьакибер дуризабизе

РАСКАТИ́ //ТЬСЯ *сов.* 1) (*покатиться в разные стороны*) рахъ-рахъалде гирун ине; щущан, гирун ун тIибитIизе 2) (*набрать скорость*) гирун унаго хехлъи босизе, дуризе; **сала́зки си́ -льно ~лись** чанагъал кутакалда дурун ана 3) гьаракь рикIкIаде рагIизе; рикIкIаде рагIулеб кIудияб гьаракь гьабизе

РАСКА́ТЫВАТЬ *несов.* 1) *см.* **раската́ть, раскати́ть** 2) *разг. (разъезжать*) рекIун гIемераб бакIалде щвезе (*жиндиего кепалъе*)

РАСКА́ТЫВАТЬСЯ *несов. см.* **раската́ться, раскати́ ться**

РАСКАЧА́//ТЬ *сов.* 1) *кого-что (маятник)* хьвагIезабизе 2) *что разг. (расшатать)* хьвагIезабун багъаризабизе 3) *кого перен. разг. (заставить действовать*) *гIодове виччан вугев чи* чIинкьакIитIизавизе, иш гьабизе тIамизе, вагъа-вачаризавизе; **его́ не ~ешь** гьев вагъа-вачаризавизе кIвеларо

РАСКАЧА́//ТЬСЯ *сов.* 1) (*на качелях и т.п.*) хьвагIезе лъугьине 2) *разг. (расшататься*) хьвагIеялъ чIимигIлъизе, чучизе 3) *перен. разг. (выйти из состояния бездействия) кIвахIалго вукIарав чи* вагъа-вачаризе, иш гьабизе лъугьине; **он е́ле ~лся пое́хать в го́род** гъов хIалица вагъа-вачарана шагъаралде ине

РАСКА́ЧИВАТЬ *несов. см.* **раскача́ть**

РАСКА́ЧИВАТЬСЯ *несов.* 1) *см.* **раскача́ться** 2) *разг. (при ходьбе)* хьваГIезе 3) *разг. (выходить из состояния апатии*) вагъавачаризе, чIинкьа-кIитIизе

РАСКА́ШЛЯТЬСЯ *сов.* кутакалда ва халат хъегIдизе лъугьине

РАСКА́ЯНИЕ *с* рекIекълъи, *щибниги* гьабураб жоялдаса вуссин, гьабуралда ракI бухIи, тавбу гьаби

РАСКА́ЯТЬСЯ *сов. в чем* рекIекълъизе, гьабуралда ракI бухIизе, тавбу гьабизе

РАСКВАРТИРОВА́ТЬ *сов. кого-что* квартирабазде рикьизе

РАСКВАРТИРОВА́ТЬСЯ *сов.* квартирабазде рикьун рукIине

РАСКВАРТИРО́ВЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **раскварти-рова́ть(ся)**

РАСКВА́СИТЬ *сов. разг.* 1) бидухъ базабизе; ~ **себе́ нос** магIарзул къалал бидухъ разаризе 2) лъама гьабизе, хIарщ гIадин гьабизе

РАСКВА́ШИВАТЬ *несов. см.* **расква́сить**

РАСКВИТА́ТЬСЯ *сов. с кем разг.* 1) (*расплатиться*) *лъие бугониги* тIубанго кьезе кколеб жо кьезе, налъи бецIизе 2) *перен. (отомстить)* бецIизе, рецIел босизе

РАСКИДА́ТЬ *сов.* 1) *кого-что* рахъ-рахъалде рехизе 2) *что разг. (положить небрежно)* кIвар гьечIого лъезе, низам хвезабизе 3) *кого-что разг. (рассеять по разным местам)* рахъ-рахъалде щущазабизе

РАСКИДА́ТЬСЯ *сов. разг.* рахъ-рахъалде рехун букIине

РАСКИ́ДИСТЫЙ, -ая, -ое гIаркьа-кIичIараб; гIебеде араб; гIатIидаб, гIемераб бакI кколеб

РАСКИ´ ДЫВАТЬ[1] *несов. см.* **раскида́ть**

РАСКИ´ ДЫВАТЬ[2] *несов. см.* **раски´ нуть**

РАСКИ´ ДЫВАТЬСЯ *несов. см.* **раскида́ться, раски´ нуться**

РАСКИ´ НУТЬ *сов. что* 1) (*широко расставить*) рикIкIадегIан лъезе; тIирхъизаризе; гIебеде ритIизе; ~ **ру́ки** кверал гIебеде ри-тIизе 2) (**разостла́ть**) тIибитIизе; ~ **ковёр** халича тIибитIизе 3) рехизе; ~ **сеть** гьин рехизе (*тIибитIун*) 4) (*лагерь и т.п.*) чIвазе; ~ **шатёр** чадир чIвазе ◊ ~ **умо́м** бетIер хIалтIизабизе, ургъизе

РАСКИ́НУ//ТЬСЯ *сов.* 1) *разг. (лечь)* тIирхъун вегизе 2) (*простереться)* тIибитIун букIине; **село́ ~лось по тече́нию реки´** росу гIурул рагIалда тIибитIун буго

РАСКИСА́ТЬ *несов. см.* **раски´ снуть**

РАСКИ́СНУТЬ *сов.* 1) (*о тесте*) беччизе, цIекIлъизе 2) *перен. разг. (о человеке – потерять бодрость*) чIаголъи хвезе, вечIазе

РАСКЛАДН//О́Й, -ая, -ое биххизе бегьулеб, бахъ-бахъизе бегьулеб, сукIулеб; **~а́я крова́ть** кIичIвалеб кровать

РАСКЛАДУ´ ШКА *ж разг.* тIадагьаб данде чIвалеб кровать

РАСКЛА́ДЫВАТЬ *несов. см.* **разложи´ ть**

РАСКЛА́ДЫВАТЬСЯ *несов. см.* **разложи´ ться 1,2**

РАСКЛА́НИВАТЬСЯ *несов. см.* **расскла́няться**

РАСКЛА́НЯТЬСЯ *сов. с кем* 1) (*при встрече*) *лъил бугониги* хIурмат гьабун, салам кьун къула-ворхизе 2) *разг. (распростить-ся)* къо лъикI гьабизе

РАСКЛЕ́ИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **расскле́ить(ся)**

РАСКЛЕ́ИТЬ *сов. что* 1) (*склеенное*) седараб жо ричIизе, батIа гьабизе; ~ **письмо́** кагъат ричIизе 2) (*наклеить)* киса-кибего седезе; ~ **афи´ ши** киса-кирего афишаби седезе

РАСКЛЕ́И//ТЬСЯ *сов.* 1) (*о склеенном*) седаралъуса бичIун бачIине 2) *перен. разг. (разладиться)* биххизе; **де́ло ~лось** иш биххана, ишалъул жо ккечIо 3) *перен. разг. (расхвораться)* унтизе, лъикI гьечIого вукIине; **стари´ к совсе́м ~лся** херав цIакъ унтун вуго, тIубанго лъикI гьечIого вуго (*херасул иш лъикI гьечIо*)

РАСКЛЕ́ЙКА *ж* (*по гл.* **расклеи́ть)** 1) седаралъуса бичIизаби 2) гIемерал бакIазда седей

РАСКОВА́ТЬ *сов.* 1) *кого (лошадь)* тIикъва-магI бахъизе 2) *кого-что (осободить от оков*) маххал рахъизе, хIухьдул ричIизе, маххаздаса, хIухьдуздаса эркен гьавизе

РАСКО́ВЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **расковá́ть(ся)**

РАСКО́Л *м* **1.** (*по гл.* **расколо́ть**) хъвалхъин, кьабун, бухун кьватIизаби, бихъизаби; хъвалхьи´, кьватIел бугеб бакI **2**. (*по гл.* **расколо́ться**) бикьи, бикьизаби, батIалъи (*ргIи данде ккечIого*); **поли´тика ~а** рикь-рикьизариялъул политика **3**. *рел.* рикьи´, раскол (17 *векалда Россиялда букIараб диниябгун жамгIияб багъабачари, гьениб ккараб рикьи´)*

РАСКОЛО́ТЬ *сов.* 1) *что* хъвалхьине, бичIизе; ~ **поле́но** хъвалхьен бичIизе, герен хъвалхьине; ~ **са́хар** чакар бекизе 2) *кого-что перен. (внести разногласие)* барщизаризе; ратIа гьаризе, бикьизабизе; ~ **рабо́чее движе́ние** хIалтIухъабазул багъа-бачари бикьизабизе

РАСКОЛО́ТЬСЯ *сов.* 1) хъвалхьун, бичIун, кьватIун ине 2) *перен.* бикьун ине, цолъи хвезе

РАСКО́ЛЬНИК *м* 1) (*тот, кто вносит разлад*) рикьи´ ккезабулев чи 2) *рел.* раскольник (*расколалъул рахъ кколев чи*)

РАСКО́ЛЬНИЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое 1) (*вносящий разлад*) ратIалъизариялъулаб, рикьи ккезабиялъулаб; **~ая поли´тика** рикь-рикьизариялъулаб политика 2) *рел.* раскольникасул(аб)

РАСКОПА́//ТЬ *сов.* 1) *что (копая, найти)* бухъун батизе 2) *что (произвести раскопки*) бухъизе, гьанкIизе 3) *кого-что перен. разг. (разыскать, найти)* балагьизе, батизе; **где ты ~л э´ ту кни´ гу?** киб дуда гьаб тIехь батараб?

РАСКО́ПК//А *ж* **1.** (*по гл.* **раскопа́ть**) бухъи, гьанкIи 2) *мн.* **~и** раскопкаби; **археологи´ческие ~и** археологазул раскопкаби, археологаз бухъулеб бакI (*цIакъ церегосел жал ралагьизе гьарулел ракьул хIалтIаби, рухъа-хъваял*)

РАСКОРМИ´ ТЬ *сов. кого* кьаралъизегIан кваназабизе, мачIадалъе хьихьизе

РАСКОРЧЕВА́ТЬ *сов. что* кьалбалгун цадахъ бахъизе (*гъветI*), кьалбал рахъизе

РАСКОРЧЁВЫВАТЬ *несов. см.* **раскорчева́ть**

РАСКО́СЫЙ, -ая, -ое 1) берал гьетIарав, берал хъвалисарав

РАСКОШЕ́ЛИВАТЬСЯ *несов. см.* **раскоше́литься**

РАСКОШЕ́ЛИТЬСЯ *сов.* харж гьабизе, сахавалъизе

РАСКРА́ИВАТЬ *несов. см.* **раскрои´ ть**

РАСКРА́СИТЬ *сов. кого-что* лажбар бахун, белъун берцин гьабизе; кьера-кьерал гьарун къачIазе; ~ **карти´нку** сурат кьер гьабун къачIазе

РАСКРА́СИТЬСЯ *сов.* лажбар бахун, белъун берцинлъизе

РАСКРА́СКА *ж* **I**. (*по гл.* **раскра́сить**) лажбар бахун ба-тIияб кьер гьаби; кьер гьабун чIухIизаби 2. (*расцве́тка*) кьер

РАСКРАСНЕ́ТЬСЯ *сов.* багIарлъизе (*гьумер*); ~ **на моро́зе** квачан гьумер багIарлъизе, цIороялда чIеялъ багIарлъизе

РАСКРЕПОСТИ´ //ТЬ *сов. кого-что* 1) *ист.* ргIиятлъудаса хвасар гьавизе 2) *перен. кинаб бугониги* зулмуялдаса, хIалалдаса хвасар гьавизе, эркен гьавизе;

РАСКРЕПОСТИ́ТЬСЯ *сов.* 1) *ист.* ргIиятлъудаса эркен-лъизе, хвасарлъизе 2) *перен.* зулмуялдаса эркенлъизе, тархъан-лъизе

РАСКРЕПОЩА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **раскрепости´ ть(ся)**

РАСКРЕПОЩЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **раскрепости´ть**) ргIиятлъудаса хвасар гьави, тархъан гьави **2**. (*по гл.* **раскрепости´ ться**) ргIиятлъудаса, зулмуялдаса хвасарлъи, эркенлъи

РАСКРИТИКОВА́ТЬ *сов.кого-что* кутакалда критика гьабизе, гIайиб чIвазе; ~ **неуда́чную статью´** квеш хъвараб (санагIат гьечIеб) макъалаялъе критика гьабизе

РАСКРИТИКО́ВЫВАТЬ *несов. см.* **раскритикова́ть**

РАСКРИЧА́//ТЬСЯ *сов. разг. (начать сильно кричать)* кутакалда ахIдезе лъугьине; **ребёнок ~лся** лъимер ахIдезе лъугьана

РАСКРОИ́ТЬ *сов. что* 1) (*ткань, кожу и т.п.)* лъутIизе 2) *разг. (рассечь)* кьабун бихъизабизе; ~ **че́реп** кьабун гвангвара (*гIадагIо*) бихъизабизе, хъвалхьинабизе

РАСКРО́Й *м* **1.** (*по гл.* **раскрои´ть**) лъутIи **2.** (*то, что раскроено*) лъутIараб жо

РАСКРО́ЙКА *ж см.* **раскро́й**

РАСКРОШИ́ТЬ *сов. что* хъуризе, ричIчIи´ гьабизе; ~ **хлеб** чадил ричIчIи гьабизе, чед хъуризе, чед бичIчIизе

РАСКРОШИ´ //ТЬСЯ *сов.* хъурун ине, ричIчIи лъугьине; **зуб ~лся** гIус хъурун (бек-бекун) ана; **сыр ~лся** хIан хъурун ана

РАСКРУТИ́ТЬ *сов. что* 1) (*развить, расплести)* (*кьурараб жо*) бичизе; ~ **верёвку** квар бичизе

РАСКРУТИ́ТЬСЯ *сов.*. 1) (*развиться, расплестись*) (*кьурараб жо*) бичун ине

РАСКРУ´ ЧИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **раскрути´ ть(ся)**

РАСКРЫВА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **раскры́ ть(ся)**

РАСКРЫ́ ТЬ *сов.* 1) *кого-что* рагьизе, ричIизе; ~ **дверь** нуцIа рагьизе; ~ **паке́т** пакет (*къвачIа*) ричIизе; ~ **зо́нтик** чадир рагьизе; ~ **ребёнка** лъимер бича-биххизе; ~ **глаза́** берал ричIизе (*рагьизе*) 2) *что перен. (исследовав, найти)* тIатинабизе, батизабизе 3) *кого-что перен. (обнаружить)* тIатинабизе (*балъгояб жо*) ◊ ~ **ско́бки** скобкаби рагьизе; ~ **свои́ ка́рты** ракIалда бугеб жо рагьизе; ~ **ду́шу** ракI рагьизе

РАСКРЫ́//ТЬСЯ *сов.* 1) (*открыться*) рагьизе, ричIизе; батIалъизе (*жибго*); рагьун ине, ричIун ине; рагьун, ричIун бачIине; **две́ри ~лись** нуцIби рагьун рачIана 2) *перен. (выявиться)* батизе (*хал гьабун*) 3) (*проявиться)* загьирлъизе 4) (*обнаружиться)* тIатине *(лъаларе букIараб жо)* 5) живго вихьизавизе

РАСКУДА́ХТАТЬСЯ *сов. разг.* къва-къвадизе лъугьине (*гIанкIу*) 2) *перен.* гIадада ахIдезе лъугьине

РАСКУЛА́ЧИВАНИЕ *с* (*по гл. раскулачить)* кулак гьави

РАСКУЛА́ЧИВАТЬ *несов. см.* **раскула́чить**

РАСКУЛА́ЧИТЬ *сов. кого* кулак гьавизе; кулаклъи тIагIинабизе

РАСКУПА́ТЬ *несов. см.* **раскупи́ ть**

РАСКУПИ́ //ТЬ *сов. кого-что* цо-цо ккун, бутIаби ккун, кинабго бичун босизе; **това́р бы́ стро ~ли** къайи хехго бичун ана

РАСКУПО́РИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **раскупо́рить(ся)**

РАСКУПО́РИТЬ *сов. что* рагьизе, кIалтIаса жо (*сакI*) бахъизе; ~ **буты́ лку** шишадул кIалтIаса сакI бахъизе, шиша рагьизе

РАСКУПО́РИТЬСЯ *сов.* кIалтIаса жо (*сакI*) бахъун бачIине

РАСКУ́ РИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **раскури́ ть(ся)**

РАСКУРИ́ТЬ *сов. что* папиросалда, хъалияналда цIа рекIинабизе; цIан бахъинабизе; цоялда хадуб цоги цIазе

РАСКУРИ́ ТЬСЯ *сов. (о папиросе, трубке и т.п.)* цIа рекIине

РАСКУСИ́ТЬ *сов.* 1) *что* хIанчIун кескал гьаризе, хIанчIхIанчIун базе 2) *кого-что перен. разг.* лъикI бичIчIизе, нахъгIунтIизе, хадув гъезе; ~ **наме́рения проти́вника** тушманасул (дандеясул) къасдал ричIчIизе

РАСКУ́ СЫВАТЬ *несов. см.* **раскуси́ ть**

РАСКУ́ТАТЬ *сов. кого-что* жемараб, ретIараб жо тIаса бахъизе; бичизе; ~ **ребёнка** лъимер жемаралъуса бичизе

РАСКУ́ ТАТЬСЯ *сов.* жиндасаго ретIараб жо тIаса бахъизе

РАСКУ́ТЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **раску́тать(ся)**

РА́СОВ//ЫЙ, -ая, -ое расаялъулаб, расаялда хурхараб; **~ый при́ знак** расаялъулаб гIаламат; **~ые предрассу́дки** расаялда хурхарал мекъал пикраби

РАСПА́Д *м* 1) (*по гл.* **распа́сться**) щущан, бихх-биххун ин 2) *перен.* цолъи биххи

РАСПАДА́ТЬСЯ *несов. см.* **распа́сться**

РАСПАДЕ́НИЕ *с см.* **распа́д**

РАСПА́ИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **распая́ ть(ся)**

РАСПАКОВА́ТЬ *сов. что* бухьун щула гьабураб жо бичизе, ричIизе; ~ **ве́щи** къайи бичизе

РАСПОКО́ВЫВАТЬ *несов.см.* **распакова́ть**

РАСПАЛИ́ТЬ *сов.* 1) *кого-что разг.* (*разжечь какое-л. чувство, желание*) гъира бижизабизе; кутаклъизабизе 2) (*накалить)* боркьизабизе, багIаризабизе; цIа рекIинабизе; цIа гъун бухIизе

РАСПАЛИ́ТЬСЯ *сов. чем и без доп. разг.* 1) кутакалда багIаризе, цIадуца багIарлъизе 2) *перен. (стать охваченным каким-л. чувством*) кутакаб хIасраталъ гьалаг гьавизе

РАСПАЛЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **распали́ ть(ся)**

РАСПА́РИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **распа́рить(ся)**

РАСПА́РИТЬ *сов.* 1) *что* хIохьлаца тамахлъизабизе, хIохьлаца яги бухIараб лъеца хIеккинабизе 2) *кого-что разг.* хIал дагь-лъизабизе (гIетIуца); гIетI базегIан вагIаризавизе

РАСПА́РИТЬСЯ *сов. (размягчиться)* хIохьлаца, бухIараб лъадаца тамахлъизе, хIеккине; гIетI кIанцIизегIан вагIаризе

РАСПА́РЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **распоро́ть(ся)**

РАСПА́//СТЬСЯ *сов.* 1) биххизе, щущан ине, тIатIала ккезе, рикьун ине; **моле́кулы ~лись на а́томы** молекулал атомазде рикьун ана 2) (*утратить целостность*) цолъи хвезе, биххизе; **кружо́к ~лся** кружок биххана 3) *перен.* тIубан хвезе, биххизе; **их дру́жба ~лась** гъозул гьудуллъи хвана

РАСПАХА́ТЬ *сов.* ракь бегизе; ~ **целину́** гIуру къарал ракьал регизе

РАСПА́ХИВАТЬ[1] *несов. см.* **распаха́ть**

РАСПА́ХИВАТЬ[2] *несов. см.* **распахну́ть**

РАСПА́ХИВАТЬСЯ *несов. см.* **распахну́ться**

РАСПАХНУ́ ТЬ *сов. что* циндаго (*нуцIа, горду*) кIал-кIала чIван рагьизе; ~ **окно́** горду тIубанго рагьизе; ~ **пальто́** пальтоялъул квенчIелал рахъ-рахъалде чIвазаризе

РАСПАХНУ́ //ТЬСЯ *сов.* 1) кIал-кIала чIван рагьун ине, тIубанго рагьун ине, ричIун ине 2) (*распахнуть на себе одежду*) ретIел ричIун биччазе

РАСПА́ШКА *ж* (*по гл.* **распаха́ть**) ракь беги; ~ **целины́** гIуру къарал ракьал реги

РАСПАШО́НКА *ж* рахаларе, данде бачун толеб ретIел

РАСПАЯ́ТЬ *сов. что* маххул (*металлалъул*) регъараб бакI биинабун батIа гьабизе, регъаралъуса бичIизабизе; ~ **ча́йник** чайник регъаралъуса бичIизабизе

РАСПАЯ́ ТЬСЯ *сов. регъараб жо* биун батIалъун ине; *регъа-раб жо* биине, биун ине

РАСПЕВА́ТЬ *несов. что и без доп.* шавкъалда кечI ахIулев вукIине; ~ **весёлые пе́сни** шавкъалда аваданал кучIдул ахIулев вукIине

РАСПЕКА́ТЬ *несов. кого-что разг. лъидениги* кутакаб гIайиб гьабизе, семизе

РАСПЕЛЕНА́ТЬ *сов. кого-что* бущараб лъимер бичизе

РАСПЕЛЕНА́ТЬСЯ *сов.* рущалабаздаса эркенлъизе; рущалаби ричун ине

РАСПЕРЕ́ТЬ *сов. кого-что разг.* хIалуциналъ бихъизабизе, гIатIилъизабизе; **льдом распёрло бо́чку** цIороца чирма бихъизабуна

РАСПЕ́ТЬСЯ *сов. разг.* 1) (*увлечься пением)* кочIоде машгъуллъизе 2) (*о птицах)* чIичIидизе 3) (*начать петь свободно*) кечI ахIизе ругьунлъизе, гьаракь эркенго бачIине

РАСПЕЧА́ТАТЬ *сов. что* 1) (*снять печать*) мугьру бахъизе 2) (*вскрыть*) рагьизе, ричIизе (*мугьру чIвараб жо, конверт*); ~ **паке́т** пакет (*къвачIа, бухча*) рагьизе; ~ **письмо́** кагъат ричIизе (*рагьизе*)

РАСПЕЧА́ТАТЬСЯ *сов.* ричIун бачIине, бичIизе

РАСПЕЧА́ТЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **распеча́тать(ся)**

РАСПЕ́ЧЬ *сов. см.* **распека́ть**

РАСПИВА́ТЬ *несов.* 1) *см.* **распи́ ть** 2) (*пить долго, медленно*) *щибниги* дагь-дагьккун, халат бахъинабун гьекъезе

РАСПИ́ ЛИВАТЬ *несов. см.* **распили́ ть**

РАСПИЛИ́ ТЬ *сов. что* хъухъан бутIаби гьаризе, хъухъазе; **~ брёвна на до́ски** чIалаби хъорщое (*хъарщи бахъизе)* хъухъазе

РАСПИНА́ТЬ *несов. см.* **распя́ ть**

РАСПИНА́ТЬСЯ *несов. разг. сундуениги гIоло* гIемер хIал, къуват кьезе; кутакалда *лъилниги* тIалаб-агъаз гьабизе; тIад чIун *сундулниги* ритIухълъи чIезабизе лъугьине

РАСПИРА́//ТЬ *несов.* 1) *см.* **распере́ть** 2) *разг.* хIалуцун, вихъулеб хIалалъ вукIине (*кинаб букIаниги асаралъ*)

РАСПИСА́НИЕ *с* расписание; ~ **поезло́в** поездал хьвадулеб заман хъвараб график; ~ **уро́ков** дарсазул расписание ◊ **шта́тное** ~ идараялда ругел хIалтIухъабазул къадар, гьезда тIадал ишал ва харжал чIезарулеб документ

РАСПИСА́ТЬ *сов.* 1) *кого-что (на карточки)* батIи-батIиял бакIазде рикьун хъвазе 2) *что (разрисовать*) релъабаз берцин гьабизе, къачIазе 3) *кого-что перен.* рекъа-решезабун бицине

РАСПИСА́ТЬСЯ *сов.* 1) (*подписаться)* гъолбас гьабизе 2) *с кем и без доп. разг. (зарегистрировать брак)* заго хъвазе, ригьин гьабиялъул кагътида гъолбас гьабизе ◊ ~ **в со́бственной глу́пости** жиндирго гIадаллъиялъе мукIурлъизе; ~ **в со́бственной беспо́мощности** жиндирго бажари гьечIолъиялъе мукIурлъизе

РАСПИ́ СК//А *ж* **1.** (*по гл.* **расписа́ть**) хъвай **2.** (*документ*) расписка (*щибниги щвей тасдикъ гьабулеб документ*); **дать ~у** расписка кьезе; **взять ~у** расписка босизе; ~**а в получе́нии** *чегол. щибниги* кодобе щвеялъул расписка; **под ~у** расписка босун (*кьезе*)

РАСПИСН//О́Й, -а́я, -о́е релъабаз къачIараб; **~ы́ е сте́ны** суратал рахъун, чIухIизарун къачIарал къадал

РАСПИ́ СЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **расписа́ть(ся)**

РАСПИ́ ТЬ *сов. что разг.* гьекъон лъугIизабизе, лъугIизегIан гьекъезе; **~ буты́лку вина́** чагъиралъул шиша гьекъон лъугIизабизе

РАСПИХА́ТЬ *сов.* 1) *кого-что разг. (растолкать)* доре-гьанире тункун нух бахъизе 2) *что (разместить кое-как)* хIалица, кин букIаниги, сокIкIине, лъезе, гьинаризе

РАСПИ́ ХИВАТЬ *несов. см.* **распиха́ть**

РАСПЛА́ВИТЬ *сов. что* биинабизе; **~ свине́ц** тIухьи биинабизе

РАСПЛА́ВИТЬСЯ *сов.* биине (*металл, цIер*), биун ине

РАСПЛА́ВЛЕННЫЙ, -ая, -ое биараб, биинабураб (*металл, цIер*)

РАСПЛАВЛЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **распла́вить(ся)**

РАСПЛА́КАТЬСЯ *сов.* кутакалда гIодизе байбихьизе, гIодизе лъугьине; **~ от оби́ды** квеш букIиналъ, ракIхвеялъ гIодизе (лъугьине)

РАСПЛАНИ́РОВАТЬ *сов. что* планалда рекъон бикьизе; гIуцIизе, гьабизе, заман данде ккезабизе

РАСПЛАСТА́ТЬ *сов. что* 1) (*разрезать пластинами*) гъатал ккезарун къотIизе; **~ ры́ бу** чугIа халаса къотIун къачIазе 2) (*раздвинуть крылья*) куркьбал гIебеде ритIизе, риххизаризе 3) *тех. (расплющить)* чIинтIун тIерен гьабизе

РАСПЛАСТА́ТЬСЯ *сов.* цIан витIун гIодов вегизе

РАСПЛА́СТЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **распласта́ть(ся)**

РАСПЛА́ТА *ж* **1.** (*по гл.* **расплати́ ться**) *сундухъниги* кколеб мухь кьей, бецIи 2) (*возмездие*) рецIел, къисас, жаза

РАСПЛАТИ́ТЬСЯ *сов.* 1) *с кем-чем и без доп. (уплатить)* мухь кьезе, расчет гьабизе; **~ с долга́ми** налъи кьезе 2) *перен. (отомстить)* рецIел босизе, бецIизе

РАСПЛА́ЧИВАТЬСЯ *несов. см.* **расплати́ ться**

РАСПЛЕСКА́ТЬ *сов. что* чвалхизабун гIодобе инабизе, тIезе

РАСПЛЕСКА́ТЬСЯ *сов.* чвалхун гIодобе ине, тIасан чвалхизе

РАСПЛЁСКИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **расплеска́ть(ся)**

РАСПЛЕСТИ́ *сов. что* хьухьараб бичизе; **~ верёвку** хьухьараб квар бичизе; **~ косу́** гъал бичизе

РАСПЛЕ//СТИ́СЬ *сов. хьухьараб жо* бичун ине, бичун бачIине; **коса́ ~ла́сь** гъал бичун ана, бичун бачIана

РАСПЛЕТА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **расплести́ (сь)**

РАСПЛОДИ́ТЬ *сов. кого-что прям., перен.* къинлъаризарун гIемерлъизаризе, хъонтIи биччан гIемерлъизаризе; гIемерлъизе биччазе (тезе)

РАСПЛОДИ́ТЬСЯ *сов. прям., перен.* къинлъарун гIемер-лъизе, хьонтIи биччан гIемерлъизе, къинлъи битIизе

РАСПЛЫВА́ТЬСЯ *несов. см.* **расплы́ ться**

РАСПЛЫ́ВЧАТОСТЬ *ж* баянго бихьунгутIи, биххун ин, хьухьай, жубан ин

РАСПЛЫ́ ВЧАТ//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*неясный*) баянго бихьулареб, хьухьа́раб, жубан араб, баянлъи гьечIеб 2) *перен.* цойиде буцIцIинчIеб, гIаркьа-кIичIараб, бихха-бичараб; **~ые выраже́ния** баянлъи гьечIеб калам; **~ый рису́нок** хьухьа́раб сурат

РАСПЛЫ́ //ТЬСЯ *сов.* 1) (*растечься*) рахъ-рахъалде чвахизе, чвахун ине; тIибитIун ун гIорхъалаби лъалареб куц лъугьине; **черни́ ла ~лись на бума́ге** кагътида тIад шакъи лулан ана 3) *перен. разг.* (*растолстеть*) кутакалда вицалъизе 3) *перен.* гьумерго гьимидул цIезе

РАСПЛЮ́ ЩИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **расплю́ щить(ся)**

РАСПЛЮ́ЩИТЬ *сов.* 1) *что (сделать плоским)* мерхьун, бухун, тIадецуялъ чIинтIизабизе, тIерен гьабизе 2) *кого-что (раздавить)* чIинтIизавизе, панкъ гIадин гьавизе

РАСПЛЮ́ ЩИТЬСЯ *сов.* чIинтIизе, тIеренлъизе

РАСПОЗНАВА́ТЬ *несов. см.* **распозна́ть**

РАСПОЗНА́ТЬ *сов.* 1) *кого-что (узнать)* хасиятазухъ балагьун лъазе, нахъгIунтIизе 2) *что и без доп. (разузнать)* лъазабизе; **~ чужи́ е наме́рения** чияр къасдал лъазаризе

РАСПОЛАГА́ТЬ[1] *несов. см.* **расположи́ ть**

РАСПОЛАГА́//ТЬ[2] *несов.* 1) *чем (иметь в своем распоряжении)* (*ихтияралда*) букIине; **я не ~ю деньга́ми** дир (*ихтияралда*) гIарац гьечIо; **я ~ю вре́менем** дир заман буго 2) (*распоряжаться кем-чем)* лъикI бихьараб куцалъ пайда босизе, хIалтIизабизе 3) *к чему (развивать склонности)* гъира базабизе, кумек гьабизе; **така́я обстано́вка ~ет к рабо́те** гьадинаб ахIвал- хIалалъ хIалтIуде гъира базабула (*х*IалтIуе кумек гьабула)

РАСПОЛАГА́ТЬСЯ *несов. см.* **расположи́ ться**

РАСПОЛАГА́ЮЩ//ИЙ, -ая, -ее берцин бихьулеб, рекIее бокьулеб, ракI балеб (цIалеб); **~ая вне́шность** ракI балеб сипат

РАСПОЛЗА́ТЬСЯ *несов. см.* **расползти́ сь**

РАСПОЛЗ//ТИ́ СЬ *сов.* 1) (*в разные стороны*) рахъ-рахъалде хъурщун, шурун ине 2) *перен. разг. (растечься)* рахъ-рахъалде чвахун ине 3) *перен. прост. (располнеть)* кутакалда вицалъизе 4) *разг. (о ткани и т.п.)* билъ-билъун ине, бикь-бикьун ине (*диал. гьимилгьизе)*

РАСПОЛНЕ́ТЬ *сов.* вицалъизе, жанив цIезе

РАСПОЛОЖЕ́НИ//Е *с* **1.** (*по гл.* **расположи́ ть**) *щибниги жо* рекъезабун низамалда лъей **2**. (*по гл.* **расположи́ться**) рекъарешон бакI ккун чIей **3.** *воен. щибниги* бугеб бакI; **на места́х ~я войск** аскарал ругел бакIазда **4.** (*порядок, способ размещения*) рекъезабун лъураб куц, тартиб, низам; **~е ко́мнат в кварти́ре** квартираялда рукъзал ругеб куц **5.** (*благосклонность*) *лъидехунниги* бугеб рокьи, рекIел цIайи́ **6.** *разг.* (**настрое́ние**) рекIел хIал; **быть в хоро́шем ~и** (рекIел) лъикIаб хIалалда (*кепалда*) вукIине

РАСПОЛОЖИ́ТЬ *сов.* 1) *кого-что (разместить) щибниги жо кибниги* рекъезабун лъезе, чIезабизе; **~ по поря́ дку** тартибалда лъезе 2) *кого к кому-чему (вызвать симпатию)* живго вокьизавизе, жиндехунго цIазе, рекIел цIайи́ букIинабизе; **~ к себе́ но́вых знако́мых** жиндехунго цIиял лъале-хъвалел цIазе

РАСПОЛОЖИ́//ТЬСЯ *сов. (разместиться)* бакI ккун чIезе, гIодор чIезе; **~ться в ваго́не** вагоналъур бакI ккун чIезе; **отря́д ~лся у ле́са** отряд (къукъа) рохьил ракьанда бакI ккун чIана

РАСПОРО́//ТЬ *сов.* чIалхине (*букъараб жо*): **~ть ста́рую ю́ бку** басрияб юбка чIалхине 2) *кого-что разг. (с силой глубоко разрезать)* гъваридго, гъорлъе ккун сузе, бихъизе; **~ живо́т** чехь бихъизе; бегIераб жоялъ квешго лъукъизе

РАСПОРО́ТЬСЯ *сов.* чIалхун ине, чIалхине (*жибго*)

РАСПОРЯДИ́ТЕЛЬ *м кинаб бугониги* иш билълъинабулев, *гьелъул* тIалаб гьабулев чи

РАСПОРЯДИ́ ТЕЛЬНОСТЬ *ж* иш билълъинабун бажари

РАСПОРЯДИ́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое ишалъе нухмалъи гьабизе лъалев, бетIерлъи гьабизе цIакъав

РАСПОРЯДИ́ТЬСЯ *сов.* 1) буюризе, малъизе 2) *чем (позаботиться об устройстве) кинаб бугониги* ишалъул тIалаб гьабизе 3) (*найти применение, употребить*) хIалтIизабизе, хIалтIизабизе бакI балагьизе; **~ свои́м состоя́нием** жиндирго буголъи (бечелъи) хIалтIизабизе

РАСПОРЯ́ДОК *м* ишалъе чIезабураб низам, тартиб, къа-гIида

РАСПОРЯЖА́ТЬСЯ *несов.* 1) *см.* **распоряди́ ться** 2) (*управлять, хозяйничать*) магIишаталъул тIалаб гьабизе

РАСПОРЯЖЕ́НИ//Е *с* **I**. (*по гл.* **распоряжа́ться**) тIалаб гьаби, хьвадизаби, бетIерлъи гьаби **2**. (*приказ*) приказ, буюри, амру, буюрухъ; **отда́ть ~е** буюрухъ кьезе, буюризе; ◊ **быть в** *чьем-л.* **~и** *лъилниги* ихтияралда вукIине

РАСПОЯ́ САТЬ *сов. кого-что* рачел бахъизе (*лъидасаниги*)

РАСПОЯ́ САТЬСЯ *сов.* 1) (*снять с ебя пояс*) рачел бичизе, рачел бахъизе (*жиндасаго*) 2) *перен. разг. (распуститься)* гIоркьихъа рорчIизе, бокьа-бокьараб гьабизе лъугьине

РАСПОЯ́ СЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **распоя́ сать(ся)**

РАСПРА́В//А *ж* тамихI, жаза гьаби; **учини́ ть ~у** тамихI гьабизе (*вахIшияб куцалъ лъидениги данде къуват хIалтIизабизе*)

РАСПРА́ВИТЬ *сов. что* 1) (*выпрямить*) битIизабизе; **~ про́волоку** (*кIичIараб*) маххул квар битIизабизе; **~ спи́ну** мугъ битIизабизе 2) (*развернуть*) гIебеде ритIизаризе; ◊ **~ кры́лья** куркьбал рижизе; живго вихьизавизе рес щвезе, жиндирго гьунар, махшел, бажари бихьизабизе

РАСПРА́ВИ//ТЬСЯ[1] *сов. (выпрямиться)* битIизе, битIабишизе; **скла́дки на ю́бке ~лись** юбкаялда рукIкIалаби ритIаришана

РАСПРА́ВИТЬСЯ[2] *сов. с кем-чем* 1) (*наказать)* кьварараб тамихI гьабизе, жаза гьабизе; ~ **с врага́ми** тушбабазе тамихI гьабизе

РАСПРАВЛЯ́ ТЬ *несов. см.* **распра́вить**

РАСПРАВЛЯ́ ТЬСЯ[1,2] *несов. см.* **распра́виться**[1,2]

РАСПРЕДЕЛЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **распредели́ ть**) гьоркьоб бикьи **2.** (*по гл.* **распредели́ться**) бикьун ин **3.** (*размещение*) кколеб куцалда бикьун рекъезаби

РАСПРЕДЕЛИ́ТЕЛЬ *м* 1) (*о человеке*) *щибниги* бикьулев чи 2) *тех. (устройство)* распределитель (*машинабазда, моторазда газ, хIухьел, ток рекъезабулеб алат*) 3) къайи, сурсат бикьун кьолеб тукен, склад

РАСПРЕДЕЛИ́ТЬ *сов.* 1) *кого-что (разделить)* гьоркьоб бикьизе 2) *кого-что (разместить)* ккоде-ккоде-лъуре рикьизе 3) *кого (направить на работу)* хIалтIуде тIамизе, ритIизе; **куда́ тебя́ распредели́ ли?** мун киве хIалтIизе тIамурав?

РАСПРЕДЕЛИ́ ТЬСЯ *сов.* 1) (*разделиться*) (*лъиданиги гьоркьоб кинабалиго къагIидаялъ*) бикьун букIине 2) (*получить направление на работу*) хIалтIуде тIамизе, витIизе кагъат (*направление*) щвезе

РАСПРЕДЕЛЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **распредели́ ть(ся)**

РА́СПРИ *мн.* дагIба-къец, къаланди

РАСПРО́БОВАТЬ *сов. что разг.* тIагIам бихьизе (*тIагIамалъул хIал бихьизе, кIалдиб лъун тIагIамаб бугищали бихьизе*)

РАСПРОДАВА́ТЬ *несов. см.* **распрода́ть**

РАСПРОДА́ЖА *ж* лъугIизабизелъун бичи; ~ **това́ров по сни́женным це́нам** лъугIизабизелъун кьайи учузаб багьаялде бичи

РАСПРОДА́ТЬ *сов. кого-что* дагь-дагькун бичун лъугIизабизе, бичун бахъинабизе; **весь това́р распро́дан** кинабго къайи бичун лъугIана

РАСПРОСТЕРЕ́ТЬ *сов.* 1) *что* гIебеде ритIизе (*кверал*); тIиритIун риччазе; ~ **кры́ лья** куркьбал тIиритIун риччазе 2) *на кого-что (распространить)* тIибитIизабизе

РАСПРОСТЕРЕ́ТЬСЯ *сов.* 1) (*лечь, упасть плашмя*) квералги гIебеде ритIун кIалагъоркье (*чехьатIаде*) вегизе, гIодов ккезе, тIирщун гIодов лъезе(ккезе) 2) *на кого-что перен. (распространиться*) тIибитIизе

РАСПРОСТЁРТ//ЫЙ, -ая, -ое квералги гIебеде ритIун кIалагъоркье (*чехьатIаде*) ккарав ◊ **встре́тить с ~ыми объя́тиями** цIакъ кIудияб рохалида , рохуца холаго дандчIвай гьабизе

РАСПРОСТИРА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **распростере́ть(ся)**

РАСПРОСТИ́ТЬСЯ *сов. с кем-чем* 1) (*попрощаться)* ратIалъулаго къо-мех лъикI гьабизе 2) *(расстаться навсегда или надолго)* тIуранго яги гIемераб мехалъ ратIалъизе

РАСПРОСТРАНЕ́НИЕ *с* **I**. (*по гл. распространить)* тIибитIизаби **2**. (*по гл.* **распространи́ ться**) тIибитIи

РАСПРОСТРАНЁНН//ЫЙ, -ая, -ое 1) гIемер дандчIвалеб, гIемер бугеб; **~ый учёбник** гIемер дандчIвалеб цIалул тIехь 2) тIибитIараб, загьираб, кибего щвараб; **~ое мне́ние** загьираб пикру; ◊ **~ое предложе́ние** тIибитIараб предложение

РАСПРОСТРАНИ́ ТЕЛЬ *м щибниги жо* тIибитIизабулев чи

РАСПРОСТРАНИ́ ТЕЛЬНИЦА *ж щибниги жо* тIибитIизабулей гIадан

РАСПРОСТРАНИ́ ТЬ *сов. что* 1) гIатIид гьабизе; тIибитIизабизе; ~ **свои́ влади́ния** жиндирго ракьал гIатIид гьаризе 2) ~ **газе́ты** газетал тIиритIизаризе; **~о́пыт нова́торов произво́дства** производствоялда (*магIишаталда*) цIияб жо ургъулезул хIалбихьи тIибитIизабизе, *гьелъулгун* лъай-хъвай гьабизе; ~ **изве́стие** хабар тIибитIизабизе

РАСПРОСТРАНИ́ //ТЬСЯ *сов.* гIатIилъизе, тIибитIизе, машгъурлъизе; **слу́хи ~лись в селе́** росулъ харбал тIиритIана; **леса́ ~ня́ются в сто́рону гор** рохьал мугIруздехун гIатIилъулел, кIодолъулел руго; **за́пах цвето́в ~лся вокру́г** тIугьдузул махI сверухъе тIибитIана

РАСПРОСТРАНЯ́ ТЬ *несов. см.* **распространи́ ть**

РАСПРОСТРАНЯ́ ТЬСЯ *несов.* 1) *см.* **распространи́ ться** 2) *разг. (пространно говорить)* цIакъ халатго бицине (*лъилниги-сундулниги хIакъалъулъ*)

РАСПРОЩА́ТЬСЯ *сов. разг. см.* **распрости́ ться**

РА́СПРЯ *ж см.* **ра́спри**

РАСПРЯГА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **распря́ чь(ся)**

РАСПРЯМИ́ ТЬ *сов. что* битIизабизе; ~ **про́волоку** маххул квар битIизабизе; ~ **спи́ ну** мугъ битIизабизе; тIаде ворхизе

РАСПРЯМИ́ ТЬСЯ *сов.* битIизе (*гьетIараб жо*)

РАСПРЯМЛЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **распрями́ ть(ся)**

РАСПРЯ́ ЧЬ *сов. кого-что* сунданиги бараб чу, оц бугьине, биччан тезе; ~ **лошаде́й** чуял ругьине *(гьакидаса)*

РАСПРЯ́ ЧЬСЯ *сов. сунданиги бараб* оц, чу (*рукьалдаса, гIералдаса*) эркенлъизе; чIоло-квар бичун бачIине

РАСПУГА́ТЬ *сов.* хIинкъизарун лъутизаризе, щущазаризе, риххизаризе, тIуризаризе

РАСПУ́ ГИВАТЬ *несов. см.* **распуга́ть**

РАСПУСКА́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **распуска́ть**) *щалниги* риччан тей **2**. (*по гл.* **распуска́ться**) тIамах бай **3**. чучун ин, низам биххи

РАСПУСКА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **распусти́ ть(ся)**

РАСПУСТИ́ТЬ *сов.* 1) *кого-что (отпустить)* риччан тезе (*сундасаниги эркен гьарун*); ~ **детёй на кани́кулы** лъимал каникулазде риччазе; ~ **ста́до** рехьед биччан тезе 2) *что (ликвидировать*) биххизабизе; хIалтIи къотIизабизе; ~ **коми́ссию** комиссия биххизабизе 3) чучизе; ~ **по́яс** рачел чучизе 4) *кого-что (ослабить дисциплину*) бичча-бихъан тезе; ~ **ребёнка** лъимер биччабихъан тезе 5) *что (свернутое*) биччан тезе, битIизабизе, рагьизе; ~ **во́лосы** рас эркенго биччан тезе 6) ~ **слух** хабар биччазе, гIемеразда бицине

РАСПУСТИ́ //ТЬСЯ *сов.* 1) (*раскрыться*) тIегьазе, тIамах базе, ричIизе; **на дере́вьях по́чки ~лись** гьутIбузда букIдул рагьун руго, къватIире рехун руго 2) (*о вязании*) кIичI борчIизе, бичун ине; **чуло́к ~лся** швата бичун ана; **во́лосы ~лись** рас бичун ана 3) (*расслабиться*) чучлъизе; **по́яс ~лся** рачел чучлъана 4) *разг. (стать недисциплинированным, перестать владеть собой)* ви-чча-вихъан, гIадлу-низам гьечIого вукIине; низам биххизе

РАСПУ́ТАТЬ *сов.* 1) *что* бичун, бич-бичун битIа-бишизабизе (*что-л. спутанное*); ~ **ни́тки** бигьараб кун битIа-бишизабизе 2) *кого-что (освободить от пут*) хIатIирухьен ба-хъизе, хIатIирухьен бахъун биччазе; ~ **ло́шадь** чу хIатIирухьенги бахъун биччазе 3) *что перен. (доискаться до сути*) аслияб жо балагьизе, ахир батизе ◊ ~ **сло́жный вопро́с** захIматаб суалалъе жаваб балагьизе (*захIматаб суал бичизе*)

РАСПУ́ТА//ТЬСЯ *сов.* 1) (*развязаться*); бичун ине 2) (*освободиться от пут*) хIатIирухьеналдаса эркенлъизе, борчIизе; **ло́шадь ~лась** чу хIатIирухьадаса борчIана 3) *с кем-чем и без доп. перен. разг. (освободиться*) хвасарлъизе, борчIизе, тIаса бихьизе **~ться с долга́ми** налъи тIаса бихьизе 4) *перен. (стать ясным*) тIокIкIине; **э́ то де́ло тепе́рь оконча́тельно ~лось** гьеб иш гьанже тIубанго тIокIкIана

РАСПУ́ТИЦА *ж* нухазда хIарщ багъари; **в дере́вню он пое́хал в са́мую распу́тицу** росулъе гьев битIун нухазда хIарщ багъарараб мехалъ ана

РАСПУ́ТНИК *м* саяхъ, пучав чи, напсалъул низам биххарав чи

РАСПУ́ТНИЦА *ж* саяхъ, пучай гIадан, напсалъул низам биххарай гIадан

РАСПУ́ ТНИЧАТЬ *несов.* саяхълъи гьабизе

РАСПУ́ ТНЫЙ, -ая, -ое саяхъав, пучав, хъубго хьвадулев; ~ **челове́к** саяхъав, пучав чи

РАСПУ́ ТСТВО *с* саяхълъи, пучлъи, хъубго хьвади

РАСПУ́ ТЫВАТЬ(СЯ) *несов.см.* **распу́тать(ся)**

РАСПУ́ ТЬЕ *с (кIиго яги чанго*) нухал къотIулеб бакI

РАСПУХА́ТЬ *несов. см.* **распу́хнуть**

РАСПУ́ХНУТЬ *сов. прям., перен.* 1) гьорозе; **па́лец распу́х** килищ гьорон буго 2) *перен. (увеличиться)* кIодолъизе, гIемер-лъизе; **шта́ты распу́хли** штатал (*хIалтIухъаби*) гIемерлъун руго

РАСПУШИ́ТЬ *сов. что (расчесать, растеребить)* хучизабизе (*рас, малърал*)

РАСПУШИ́ ТЬСЯ *сов.* 1) (*стать пушистым*) хуч-хучизе

РАСПУ́ЩЕННОСТЬ *ж* 1) (*недисциплинированность*) гIадлу-низам гьечIолъи, тартиб гьечIолъи, низам биххи 2) (*безнравственность*) пучлъи, пасалъи, хъахIбалъи

РАСПУ́ ЩЕНН//ЫЙ, -ая, -ое 1) биччан тараб; **с ~ыми воло́сами** гьализе биччан тараб расгун 2) (*недисциплинированный*)

низам гьечIев, гIадлу гьечIев; **~ый ребёнок** гIадлу гьечIеб лъимер 3) (*безнравственный*) пучав, пасатав, саяхъав, хъахIбалъи гьабулев

РАСПЫЛЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **распыли́ть**) хIурлъун биххизаби, гIисин гьаби; пунхъи, щвай; щущазаби, бикь-бикьизаби **2**. (*по гл.* **распыли́ ться**) хIурлъун биххи, гIисинлъи, щущай, бикь-бикьи

РАСПЫЛЁННОСТЬ *ж (раздробленность)* хIурлъун биххун букIин, бикь-бикьун букIин

РАСПЫЛЁННЫЙ, -ая, -ое хIур лъугьараб, гIисин гьабураб, бакI-бакIалде биххараб; **~ые ме́лкие хозя́йства** бакI-бакIалде риххарал (*рикьарал*) гIисинал магIишатал

РАСПЫЛИ́ТЕЛЬ *м* распылитель (*щибниги жо щвалеб, пунхъулеб алат*)

РАСПЫЛИ́ТЬ *сов. что* 1) (*обратить в пыль*) хIур гIадин гIисин гьабизе 2) *(рассеять жидкость)* щвазе, пунхъизе 3) *перен.* гIисин гьабун бакI-бакIалде бикь-бикьизабизе; **~ си́лы проти́в-ника** тушманасул къуватал рикь-рикьизаризе

РАСПЫЛИ́ТЬСЯ *сов.* 1) *(обратиться в пыль)* хIур лъугьине, гIисинлъизе 2) *перен. (рассеяться)* бикь-бикьун ине, бикь-бикьизе

РАСПЫЛЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **распыли́ ть(ся)**

РАСПЯ́ТИЕ *с* **1.** (*по гл.* **распя́ть**) хъанчил сураталда гIужие гъей; кIиябго квералда, хIатIазда магIал чIван хъорщода вигъи **2**. *рел.* магIаз хъанчида вигъарав ГIисал сурат

РАСПЯ́ТЬ *сов. кого-что* магIаз хъанчида вазе, вигъизе (*цIакъ цебесеб инсан чIвалеб къагIида*)

РАССА́Д//А *ж* шитил (*бахъун цIидасан чIезелъун бекьараб жо*); **капу́стная ~а** капустаялъул щитил; **сажа́ть ~у** шитил чIезе

РАССАДИ́ТЬ *сов.* 1) *кого-что (усадить по местам)* жинди-жиндир бакIалда гIодор чIезаризе 2) *кого (посадить порознь)* цоцадаса ратIа гьарун, батIа-батIаго гIодор чIезаризе 3) *что (растения*) цо бакIалдаса рахъун, лъедер гьарун чIезе, хурдул цоги бакIалда лъедерго чIезе

РАССА́ДНИК *м* 1) *с.-х. (питомник*) питомник (*цоги бакIалда чIезелъун гIолохъанал гъутIби, хурдул гIезарулеб бакI*) 2) *чего перен. (источник чего-л.) щибниги* жиндасан тIибитIулеб бакI; **~ боле́зни** унти бачIунеб, тIибитIулеб бакI

РАССА́ЖИВАТЬ *несов. см.* **рассади́ ть**

РАССА́ЖИВАТЬСЯ *несов. см.* **рассе́сться**[1]

РАССА́СЫВАТЬСЯ *несов. см.* **рассоса́ться**

РАССВЕСТИ́ *сов. см.* **рассвета́ть**

РАССВЕ́Т *м* 1) (*начало утра)* рогьел, хъахIлъибай; **на ~е** хъахIлъибавулъ, рогьалилъ ◊ **на ~е жи́зни** гIурмуялъул байбихьуда

РАССВЕТА́//ТЬ *несов. безл.* хъахIлъи базе, рогьел рехизе; **~ет** хъахIлъи балеб (*рехулеб*) буго, рогьунеб буго

РАССВИРЕПЕ́ТЬ *сов.* квешго щцидахине, кутакалда щцин бахъине; **ра́неный медве́дь рассвирепе́л** лъукъараб ци кутакалда щцидахун букIана

РАССЕВА́ТЬ *несов. см.* **рассе́ять**[1]

РАССЕДЛА́ТЬ *сов. кого-что* тIаса кьили бахъизе; **~ ло́шадь** чотIаса кьили бахъизе

РАССЕ́ИВАНИЕ *с* **1.** (*по гл.* **рассе́ивать**) щущазаби, бикь-бикьизаби, хьай (*хъон*) **2**. (*по гл.* **рассе́иваться**) рахъ-рахъалде рикь-рикьи, бикьа-биххи

РАССЕ́ИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **рассе́ять(ся)**

РАССЕКА́ТЬ *несов. см.* **рассе́чь**

РАССЕЛЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **рассели́ть**) батIи-батIияб бакIалде бетIербахъи гьабизе ритIи **2**. (*по гл.* **рассели́ться**) яшавалъе батIи-батIияб бакIалде ин

РАССЕ́ЛИНА *ж* къваридаб кIкIал, гъваридаб кьватIел, кьурул суйи, кьватIараб бакI (*кьурул*); **~ в скале́** кьурул (кьурулъ бугеб) кьватIел

РАССЕЛИ́ТЬ *сов. кого-что* 1) (*разместить*) бетIерба-хъиялъе батIи-батIияб бакIалде ритIизе 2) (*поселить порознь*) цоцадаса ратIа гьарун гIумру гьабизе тIамизе

РАССЕЛИ́ТЬСЯ *сов.* 1) (*разместиться*) гIумру гьабизе ратIалъун бакI-бакIалде ине 2) (*поселиться порознь*) цоцадаса батIаго гIумру гьабизе ине

РАССЕЛЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **рассели́ ть(ся)**

РАССЕРДИ́ ТЬ *сов. кого* щцин бахъинабизе, щцидахинабизе

РАССЕРДИ́ ТЬСЯ *сов. на кого-что* щцин бахъине, щцидахине

РАССЕ́РЖЕННЫЙ, -ая, -ое щцин бахъарав, щцидахарав

РАССЕ́СТЬСЯ *сов.* 1) (*по своим местам*) жинди-жиндир бакIалде гIодор чIезе 2) *разг. (сесть развалясь)* эркенго бакI ккун, вичча-вихъан гIодов чIезе 3) (*дать трещины*) кьватIизе (*къед*)

РАССЕ́ЧЬ *сов.* 1) *кого-что (разрубить)* бичIизе, хъвалхьине, бихъизабизе (*кьабураб жоялъ*); **~ поле́но** герен хъвалхьине 2) *что* (*поранить*) кIудияб ругъун лъезе (*къотIун*); **~ гу́бу́** кIветI къотIизе, бихъизе 3) *что перен.* кIибикьизабизе; **ло́дка рассекла́ во́лны** расаялъ карачелал кIирикьизаруна

РАССЕ́ЯНИЕ *с* **I**. (*по гл.* **рассе́ять**) хьай (*хьон*), щущазаби, бикь-бикьизаби **2**. (*по гл.* **рассе́яться**) рахъ-рахъалде бикь-бикьи, щущан ин, щущан рукIин

РАССЕ́ЯННОСТЬ *ж* 1) (*невнимательность*) тохлъи, палгъай 2) (*разбросанность*) дора-гьанир, лъедерго рукIин; **~ поселе́ний** росаби лъедерго, дора-гьанир рукIин

РАССЕ́ЯННЫЙ, -ая, -ое 1) (*разбросанный*) рахъ-рахъалде биххараб, щущазабураб, бикьараб 2) (*невнимательный*) тохав, палгъарав; **~ челове́к** палгъарав чи 3) *перен. (праздный)* иш гьечIеб, кеп-гIоркьалъул цIураб; **вести́ ~ о́браз жи́зни** хIалтIулареб, кеп-гIоркьалъул цIураб гIумру гьабизе

РАССЕ́Я//ТЬ *сов.* 1) *что (посеять)* хьазе; **~ть семена́** хьон хьазе 2) *кого-что (разместить далеко друг от друга)* цоцадаса рикIкIад парахат гьаризе 3) *что (ослабить)* чучлъизабизе, бикь-бикьизабизе 4) *кого-что (разогнать)* хъамизе; **~ть отря́д неприя́теля** тушманасул къокъа хъамизе 5) *что перен.* бикьа-биххизабизе; **~ть печа́ль** ургъел, ракIбакъвай бикьа-биххизабизе

РАССЕ́Я//ТЬСЯ *сов.* 1) (*разместиться далеко друг от друга*) цоцадаса рикIкIад рукIине 2) (*о лучах света*) канлъул чIорал рикь-рикьун, щущан ине 3) (*о тумане, дыме и т.п.)* бикьа-биххизе; **тума́н ~лся** накIкI лъедерлъун ун тIагIана 4) *перен. (исчезнуть)* тIагIун ине, щущан ине

РАССКА́З *м* хабар; **прерва́ть его** ~ гъосул хабар гьоркьоб къотIизабизе; **сбо́рник ~ов** харбазул тIехь

РАССКАЗА́ТЬ *сов. что о ком-чем лъилниги-сундулниги хIакъалъулъ* бицине, хабар бицине; ~ *кому-л.* **о случи́вшемся** лъугьа-бахъиналъул хIакъалъулъ *лъиениги* бицине; **~ ска́зку** маргьа бицине

РАССКА́ЗЧИК *м* хабар бицине махшел, гьунар бугев чи; *щибниги* бицунев чи

РАССКА́ЗЧИЦА *ж* хабар бицине махшел, гьунар бугей гIадан

РАССКА́ЗЫВА//ТЬ *несов. см.* **рассказа́ть** ◊ **~й ска́зки!** пуй дурго!; **~й кому́-нибудь другому́!** гьеб хабар цогиясе бице!

РАССЛАБЕВА́ТЬ *несов. см.* **рассла́бнуть**

РАССЛА́БИТЬ *сов. кого-что* чучлъизабизе; щукIдул ричча–рихъазе; загIиплъизабизе, хIал лъугIизабизе

РАССЛАБИТЬСЯ *сов.* чучлъизе; ричча-рихъан ине; хIал лъугIизе, загIиплъизе

РАССЛАБЛЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **рассла́бить**) ричча-рихъай, загIип гьаби, чучлъизаби

РАССЛА́БЛЕННОСТЬ *ж* хIал дагьлъи, загIиплъи, рухI лъугIи, рухIдакълъи

РАССЛА́БЛЕННЫЙ, -ая, -ое хIал, рухI дагьлъараб, загIиплъараб; **~ го́лос** загIиплъараб гьаракь

РАССЛАБЛЯ́ ТЬ *несов. см.* **рассла́бить**

РАССЛА́БНУТЬ *сов. разг.* рухI, хIал лъугIизе, цIакъ загIиплъизе

РАССЛА́ИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **расслои́ ть(ся)**

РАССЛЕ́ДОВАНИЕ *с* (*по гл.* **рассле́довать**) цIех-рех гьаби, следствие гьаби

РАССЛЕ́ДОВАТЬ *сов. и несов. что* цIех-рех гьабизе; **~ де́ло** ишалъул (делоялъул) цIех-рех гьабизе

РАССЛОЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **расслои́ ть**) гъатахинаби, гъата-гъатал лъугьинари **2**. (*по гл.* **расслои́ ться**) гъатахин, гъата-гъатал лъугьин

РАССЛОИ́ТЬ *сов. что* 1) (*разделить на слои*) гъат-гъат ккезабизе, гъатахинабизе 2) *перен. кого-что (разделить на группы)* тайпа-тайпа батIа гьабизе, тайпабазде рикьизе

РАССЛОЙ́ТЬСЯ *сов.* 1) (*разделиться на слои*) гъат-гъат ккезе, гъатал лъугьине, гъатахине 2) *перен. (разделиться на группы)* тайпабазде, къокъабазде рикьун ине

РАССЛЫ́Ш//АТЬ *сов. кого-что* лъикI, бичIчIуледухъ ра-гIизе; **я не ~ал, что он сказа́л** гъос абураб жо дида лъикI рагIичIо

РАССМА́ТРИВАТЬ *несов. кого-что* 1) *см.* **рассмотре́ть** 2) лъикI балагьизе; **~ иллюстра́ции** иллюстрациязухъ лъикI балагьизе 3) (*обсуждать*) хал гьабизе, гьоркьоб лъезе, цIех-рех гьабизе; **~ де́ло (в суде́)** делоялъул хал гьабизе (судалда)

РАССМЕШИ́ ТЬ *сов. кого* велъизавизе, релъи речIчIизабизе

РАССМЕЯ́ ТЬСЯ *сов.* велъанхъун виччан тезе

РАССМОТРЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **рассмотре́ть**) бала-гъалагьи, балагьи, цIех-рех гьаби, хал гьаби

РАССМОТРЕ́ТЬ *сов.* 1) *кого-что (разглядеть, различить)* лъикI балагьун бихьизе; батIа бахъизе лъазе; **его́ лицо́ в темноте́ бы́ло тру́дно** ~ гьесул гьумер батIа бахъизе (*лъазе*) бецI-лъукь захIмалъулеб букIана 2) *что* хал гьабизе, цIех-рех гьабизе; **~ заявле́ние** гIарзаялъул цIех-рех гьабизе

РАССОВА́ТЬ *сов. кого-что разг.* бакI-бакIалда къазарун тезе, бугIизе; **~ по карма́нам** чунтбухъ къазаризе

РАССО́ВЫВАТЬ *несов. см.* **рассова́ть**

РАССО́Л *м* цIамул лъим, тури

РАССО́ЛЬНИК *м* рассольник (*цIамхIалаб охцер гъорлъе буссараб гьанал яги ччугIил чурпа)*

РАССО́РИТЬ *сов. кого-что разг.* цоцалъ барщизаризе, къацандизаризе, дагIбадизаризе; *перен.* гIадада хвезабизе (*гIарац*)

РАССО́РИТЬСЯ *сов. разг.* кутакалда дагIбадизе

РАССОРТИРОВА́ТЬ *сов. что* сортал ккун бикьизе; **~ това́ры** къайи сортал гьарун бикьизе

РАССОРТИРО́ВЫВАТЬ *несов. см.* **рассортирова́ть**

РАССОСА́ТЬ *сов.* 1) цIцIун инабизе; цIункIун тамахлъизабизе, биинабизе

РАССОСА́//ТЬСЯ *сов.* 1) чучизе, гIодоцун тIагIине; **о́пухоль ~лась** гьор чучун ана 2) *перен. разг.* бикьа-биххизе, тIагIине; **толпа́ ~лась** халкъ бикьа-биххун ана

РАССО́ХНУТЬСЯ *сов.* цIакъ бакъваялъ кьватI-кьватIизе; **бо́чка рассо́хлась** чирмакъали цIакъ бакъваялъ кьватI-кьватIана

РАССПРА́ШИВАТЬ *несов. см.* **расспроси́ ть**

РАССПРОСИ́ТЬ *сов. кого щибниги жо* лъазелъун суалал кьезе, гIемер цIехолдизе

РАССПРО́СЫ *мн.* суалал, цIехолди; **при встре́че начали́ сь** ~ данделъараб механъ цIехолди(зе) байбихьана

РАССРЕДОТО́ЧИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **рассредото́чить(ся)**

РАССРЕДОТО́ЧИТЬ *сов. кого-что* гIисинал къокъабазде рикьун батIа-батIаго тезе

РАССРЕДОТО́ЧИТЬСЯ *сов.* гIисинал къокъабазде рикьун, батIа-батIаго рукIине

РАССРО́ЧИВАТЬ *несов. см.* **рассро́чить**

РАССРО́ЧИТЬ *сов. что* болжалазде бикьизе (*щибниги кьезе яги тIубазе бугеб заман*)

РАССРО́ЧК//А *ж* цо чанго болжалалъ бутIа-бутIа ккун иш тIубай яги бецIи (*налъи*); **с ~ой на год** лъагIалил болжалалда бецIизелъун; ◊ **купи́ть** *что-л.* **в ~у** къарз гьабун босизе; **прода́ть** *что-л.* **в ~у** къарз гьабун бичизе

РАССТАВА́НИ//Е *с* (*по гл.* **расстава́ться**) цоцадаса ратIалъи, тIей

РАССТАВА́ТЬСЯ *несов. см.* **расста́ться**

РАССТА́ВИТЬ *сов.* 1) *кого-что (разместить)* ккоде-ккоделъуб лъезе; **~ рабо́чую си́лу** хIалтIул къуват ккоде-ккоделъуб лъезе; **~ ша́хматы на доске́** хъорщода шахматал сокIкIине 2) *что (раздвинуть)* (цоцада гьоркьоб бакIги гIатIид гьабун) дорегIан цузе; **~ но́ги** боцдул тIирхъизарун лъезе 3) *что (расширить)* бацIцIун гIатIид гьабизе; **~ воротни́к руба́хи** гурдил габур (*кесек*) бацIцIун гIатIид гьабизе

РАССТАВЛЯ́ ТЬ *несов. см.* **расста́вить**

РАССТАНО́ВК//А *ж* **1.** (*по гл.* **расста́вить**) *щалниги* ккоделе-ккоделъур лъун рекъезари **2**. (*порядок размещения*) рекъезабун лъеялъул низам; **~а слов в предложе́нии** предложениялда жанир рагIаби рекъезариялъул низам **3**. (*пауза*) лъалхъи́; **чита́ть с ~ой** гьитIинабго лъалхъигун цIализе

РАССТА́ТЬСЯ *сов.* 1) *с кем-чем* къо-мех лъикI гьабун цоцадаса ратIалъизе 2) гьудуллъиялъул яги цадахъаб гIумруялъул гьоркьорлъаби къотIизе тезе 3) жиндаго аскIоса (хIалтIудаса) нахъе виччазе 4) *перен.* ватIалъизе; **~ с люби́ мой кни́гой** бокьулеб тIехьалдаса ватIалъизе

РАССТЁГИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **расстегну́ть(ся)**

РАССТЕГНУ́ТЬ *сов. что* ричIизе ~ **реме́нь** рачел ричIизе; ~ **пу́говицы** маргъалал ричIизе

РАССТЕГНУ́//ТЬСЯ *сов.* 1) (*о пуговицах и т.п.)* маргъал, гъанцIа, кIичI ричIун бачIине, ричIун ине; **во́рот ~лся** гурдил габур ричIун бачIана 2) жиндирго ретIел ричIизе

РАССТЕЛИ́ ТЬ(СЯ) *сов. см.* **разостла́ть(ся)**

РАССТИЛА́ТЬ *несов. см.* **разостла́ть**

РАССТИЛА́//ТЬСЯ *несов.* 1) *см.* **разостла́ться** 2) (*простираться)* тIибитIизе; **пе́ред ро́щей ~лись луга́** рохьида цере тIиритIун руго харибакIал 3) (*стлаться*) гIодоб тIибитIизе; **тума́н ~ется** накIкI гIодоб тIибитIулеб буго 4) *перен. разг. (пресмыкаться перед кем-л.*) кколареб хъулухъ гьабулев вукIине, (*лъиениги*) хIелхIедизе

РАССТОЯ́ НИ//Е *с* манзил; **кратча́йшее ~е** бищун къокъаб манзил; **на ~и десяти́ киломе́тров** анцIго километралъул манзилалда ◊ **держа́ться на почти́тельном ~и** довегIан чIезе, гьоркьоблъи гьабунгутIизе; **держа́ть** *кого-л.* **на ~и** довегIан тезе, гIин тIамичIого тIезе

РАССТРА́ИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **расстро́ить(ся)**

РАССТРЕ́Л *м* **1.** (*по гл.* **расстреля́ть**) гIужие гъун чIвай; **приговори́ ть к ~у** чIвазе хIукму гьабизе (*къотIизе*) **2**. (*смертная казнь*) кверзул кьвагьулеб ярагъалъ чIвай

РАССТРЕ́ЛИВАТЬ *несов. см.* **расстреля́ ть**

РАССТРЕ́ЛЯННЫЙ, -ая, -ое гIужие гъун чIвараб; речIчIун чIвараб

РАССТРЕЛЯ́ТЬ *сов.* 1) *кого-что (казнить)* гIужие гъун чIвазе 2) *кого-что (уничтожить)* чIван тIагIинаризе; ~ **демонстра́цию** демонстрациялъул гIахьалчагIи (*демонстрантал*) чIван тIагIинаризе 3) *что (израсходовать при стрельбе*) кьвагьун лъугIизаризе (*патронал*)

РАССТРО́ЕНН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*беспорядочный*) низам биххараб, гIадлу гьечIеб; **~ые ряды́** гIадамазул низам биххарал кьерал 2) (*приведенный в упадок*) биххараб, чIунтараб; **~ое хозя́йство** биххараб, чIунтараб магIишат 3) (*больной*) чорхолъ витIавичIев; **~ые не́рвы** унтарал, чIимигIал нервал; **~ое здоро́вье** жагъаллъараб сахлъи 4) *муз.* рекъечIеб; **~ая мандоли́ на** рекъечIеб (рекъезабичIеб) мандолина 5) (*огорченный*) пашманлъараб, пашманаб

РАССТРО́ИТЬ *сов.* 1) *кого-что (нарушить строй, порядок*) низам биххизабизе, бигъинабизе; **~ ряды́** кьерал риххизаризе (*кьеразул низам хвезабизе*) 2) *что (привести в упадок)* биххизабизе, чIунтизабизе, зиян гьабизе; **~ хозя́йство** магIишат биххизабизе 3) *что (помешать осуществлению)* **~ пла́ны** планал тIуряялъе квал-квал гьабизе; **~ за́мыслы врага́** тушманасул къасдазе квал-квал гьабизе 4) *что (расшатать*) хвезабизе; ~ **свое здоро́вье** жиндирго сахлъи хвезабизе 5) *муз.* рекъей хвезабизе; **~ гита́ру** гитараялъул рекъей хвезабизе 6) *кого-что (огорчить)* пашман-лъизавизе, кеп хвезабизе, къварилъизавизе

РАССТРО́И//ТЬСЯ *сов.* 1) (*стать беспорядочным*) низам биххизе, бигъине; **ряды́ проти́вника ~лись** тушманасул кьеразул низам биххана 2) (*прийти в упадок*) зиян ккезе, гIодобе ккезе 3) (*нарушиться)* гьабун бажарунгутIизе; **пое́здка ~лась** сапар гьабун бажаричIо 4) (*о здоровье и т.п.*) (*сахлъиялъул*) низам бихизе; **желу́док ~лся** кванирукъалъул низам биххана 5) (*о музыкальном инструменте*) рекъей хвезе; **роя́ ль ~лся** роялалъул рекъей хвана 6) (*огорчиться*) пашманлъизе, кеп хвезе, къварилъизе

РАССТРО́ЙСТВО *с* **1.** (*по гл.* **расстро́ить**) низам биххизаби, хвезаби, бигъинаби **2**. (*по гл.* **расстро́иться**) низам биххи, хвей, бигъин **3.** (*беспорядок*) гIадлу-низам гьечIолъи **4.** (*неблагополучие*) шартIал гьечIолъи; **дела́ пришли́ в ~** ишал тIуряялъе шартIал гьечIо **5.** (*заболевание*) чорхол сахлъи биххи; **~ кише́ч-**

ника риххел (*щвей*); **не́рвное ~** нервал хвей (*рагъари*) **6.** *разг. (огорчение)* пашманлъи

РАССТУПА́ТЬСЯ *несов. см.* **расступи́ ться**

РАССТУПИ́ //ТЬСЯ *сов.* 1) доре-гьанирегIан къан нух тезе, нух кьезе; **лю́ ди ~лись** гIадамал доре-гьанирегIан къана 2) *перен. (о земле, воде)* бихъун, кьватIун, бикьун ине, кьватIи рехизе

РАССТЫКОВА́ТЬСЯ *сов.* батIалъизе

РАССТЫКО́ВКА *ж* (*по гл.* **расстыкова́ться**) батIалъи

РАССТЫКО́ВЫВАТЬСЯ *несов. см.* **расстыкова́ться**

РАССУДИ́ ТЕЛЬНОСТЬ *ж* гIакъиллъи, цIодорлъи

РАССУДИ́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое пикруялда гьабураб, гIакъилаб, цIодораб; **~ челове́к** гIакъилав, цIодорав, битIун пикру гьабун бажарулев

РАССУДИ́ //ТЬ *сов.* 1) *кого-что (вынести решение)* хIукму къотIизе; **~ть спор** дагIбаялъе хIукму къотIизе 2) (*решить*) хIукму гьабизе, пикру ккезе; **он ~л, что ему́ лу́чше уе́хать** гьес ун лъикIилан хIукму гьабуна

РАССУ́ДОК *м* гIакълу, пикру, лъай, гIакълуялда вукIин; **лиши́ ться ~ка** гIакълу биххизе, гIакълуялдаса ине, гIакълу босун ине; **быть в по́лном ~ке** гIакълуялда вукIине (*тIубанго*)

РАССУЖДА́ТЬ *несов.* 1) (*мыслить*) ургъизе, пикру гьабизе 2) (*обсуждать, приводить доводы*) жиндирго пикру бицине, далилал рачине; битIараб къимат кьезе гьоркьоб лъезе 3) *разг. (возражать)* жиндирго хасаб пикру загьир гьабизе, рази гье-чIолъи загьир гьабизе, данде чIезе

РАССУЖДЕ́НИ//Е *с* 1) (*умозаключение*) цоцалъ рекъезарун, ургъун гIуцIарал пикраби; **пра́вильное ~е** битIараб пикру 2) *мн.* **~я** (*разговоры*) пикраби загьир гьари; **пусти́ться в ~я** харбиде лъугьине (*разе*) 3) (*возражение*) дандечIей, рази гьечIолъи загьир гьаби

РАССЧИ́ТАННЫЙ, -ая, -ое 1) (*преднамеренный*) ургъунго гьабураб 2) (*заранее решенный*) цебеккунго хIукму къотIараб 3) хIисаб гьабураб, цебеккунго *цощинаб* мурадалъе бугеб (хIисаб гьабураб)

РАССЧИТА́//ТЬ *сов.* 1) *что (произвести подсчет) щибниги жоялъул* хIисаб гьабизе; **у меня́ все де́ньги ~ны** дица кинабго гIарцул хIисаб гьабун буго 2) *что тех.* хIисаб, расчет гьабизе 3) *что и без доп. (учесть возможность)* хIисабалде босизе; **он не ~л свои́х сил** дос жиндирго къуватал (*бажари*) хIисабалде росун гьечIо 4) *на кого-что щибниги- щивниги* хIисабалде босун гьабизе; **э́та кни́га ~на на дете́й** гьаб тIехь лъималги хIисабалде росун хъвараб буго (*лъималазе хъвараб буго*) 5) *кого-что (уволить, дать расчет)* хIалтIудаса вахъизе (*эркен гьавизе*) *кколеб мухьги кьун* (*расчетги кьун*)

РАССЧИТА́//ТЬСЯ *сов.* 1) *с кем (полностью расплатиться)* налъи тIубан бецIизе; **~ться с долга́ми** налъи бецIун бахъине 2) *с кем перен. разг. (свести счеты)* бецIизе, рецIел босизе; **я с ним ещё ~сь** дица гьесдаса рецIелги босила 3) *разг. (уволиться, взять расчет)* расчет босизе, хIалтIудаса нахъе ине 4) *воен.* низамалда чIараб бакIалда тартибалда (*номерал*) рикIкIине

РАССЧИ́ТЫВА//ТЬ *несов.* 1) *см.* **рассчита́ть** 2) *на что с неопр. (надеяться)* хьул лъезе (*букIине*); **я не ~л вас встре́тить** дир мун данде ккелилан хьул букIинчIо, мунгун дандчIвазе хьул букIинчIо 3) *на кого-что (полагаться)* божун чIезе, ракIчIей букIине; **~ть на свои́х друзе́й** жиндирго гьудулзабазда ракIчIей букIине 4) (*иметь намерение, предполагать)* ракIалда букIине; хиял, пикру гьабизе

РАССЧИ́ТЫВАТЬСЯ *несов.* 1) *см.* **рассчита́ться** 2) (*нести ответственность*) *сундулниги-лъилниги* жавабчилъи тIаде босизе; **~ за свои́ посту́пки** жиндирго ишазул жаваб жинцаго кьезе

РАССЫЛА́ТЬ *несов. см.* **разосла́ть**

РАССЫ́ЛКА *ж* (*кколе-ккколелъуре рикь-рикьун*) ритIи; **~ пи́сем** кагътал ритIи

РАССЫ́ЛЬНЫЙ *м* рассыльный, курьер (*кагътал ва гь. ц. росун хьвадулев чи*), витIунчи

РАССЫ́ЛЬНАЯ *ж* рассыльная, курьер (*кагътал ва гь. ц. росун хьвадулей гIадан*)

РАССЫ́ПАТЬ *сов. что* 1) (*просыпать*) щвазе, гIодобе гьинабизе, гIодобе базе; **~ соль** цIан гIодобе щвазе; 2) *что (разместить)* кколе-ккколелъубе бикьун базе; **~ муку́ по мешка́м** хъапахъе ханжу базе 3) (*волосы*) рас щущан биччан тезе 4) *воен.* рагъухъаби, цоцадаса рикIкIад гьарун, щущараб хIалалда чIезаризе

РАССЫ́ПА//ТЬСЯ *сов.* 1) (*просыпаться*) щущан ине, чвахун гIодобе ине, биххун гIодобе ине, гIодобе бан ине; **пшени́ ца ~лась** ролъ гIодобе ана 2) (*развалиться*) биххун, щущан ине; **ка́мень ~лся от уда́ра молотко́м** гьецIокъалъул кьабиялъ гамачI щущан ана; **бо́чка рассо́хлась и ~лась** чирмакъали бакъвана ва щущан ана 3) (*о волосах*) биххун ине 4) (*разбежаться в разные стороны*) рахъ-рахъалде тIурун, лъутун ине 5) *в чем и без доп. разг. (наговорить много похвал)* гIемер рецц-бакъ гьабизе 6) (*издать дрожащие звуки*): **~ться сме́хом** кIар-кIариялда велъизе ◊ **~ться пра́хом** хвезе, тIагIун ине, хIурлъун лъугьине

РАССЫПА́ТЬСЯ *несов. см.* **рассы́паться; ~ в похвала́х** гьарзаго рецц-бакъ гьабулев вукIине

РАССЫПН//О́Й, -ая, -ое хъурараб, гарахараб, балелъул чвахун бачIунеб; **~ой корм** хъурараб рагIи (*корм*) ◊ **~ой стро́й** *воен.* лъелаб аскаралъулалги тIолабго фронталда рикь-рикьун, 19 векалъул ахиралда букIараб рагъулаб строй

РАССЫ́ПЧАТЫЙ, -ая, -ое мугь-мугь батIалъун, хъурун, щущан унеб; бигьаго хъурун унеб

РАССЫХА́ТЬСЯ *несов. см.* **рассо́хнуться**

РАСТА́ЛКИВАТЬ *несов. см.* **растолка́ть**

РАСТА́ПЛИВАТЬ(СЯ)[1,2] *несов. см.* **растопи́ ть(ся)**[1,2]

РАСТА́ПЛИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **растопта́ть(ся)**

РАСТАСКА́ТЬ *сов. см.* **растащи́ ть**[1]

РАСТА́СКИВАТЬ *несов. см.* **растащи́ ть**

РАСТАЩИ́ТЬ *сов.* 1) *кого-что (унести по частям)* бутIаби ккун рахъ-рахъалде босун ине, бехъерхъизе 2) *кого-что (разворовать)* бикъун лъугIизабизе 3) *кого разг. (разнять)* рахъ-рахъалде рехъерхъун ратIа гьаризе (*рагъулел чагIи*)

РАСТА́Я//ТЬ *сов.* 1) биине, биун лъугIизе, тIагIине; **снег ~л** гIазу биун лъугIана 2) *перен. (исчезнуть)* тIагIине, лъугIун ине; **тума́н ~л** накIкI лъугIун ана, биххбиххун ана 3) *перен. (смягчиться)* (ракI) тамахлъизе, (ракI) биун ине; **се́рдце моё ~ло** дир ракI тамахлъана 4) *что разг. (превратить в жидкость)* биун ине, лъамалъиялде сверизе; **ма́сло ~ло** нах биун буго

РАСТВО́Р[1] *м* 1) нуцIил къирараб бакI, къири; **~ окна́** гордул къири 2) кIикIвекьаб жоялъул гьоркьоб манзил, гIатIилъи; **широ́кий ~ ци́ркуля** гьаргавалъул гIагазда гьоркьоб кIудияб гIатIилъи

РАСТВО́Р[2] *м* 1) раствор (*щибниги жо гъорлъ биинабун, билъун лъугьараб лъамалъи, билъараб жо*)*;* **известко́вый ~** гачил раствор (*билъараб гач*)

РАСТВОРИ́ М//ЫЙ, -ая, -ое биунеб, билъун унеб; **~ые со́ли** риунел цIамал

РАСТВОРИ́ТЕЛЬ *м* растворитель, (*жинда гъорлъ щибниги биунеб, билъун унеб лъамалъи; бакъвараб жо* (*лажбар ва гь.ц.*) *биинабулеб лъамалъи)*

РАСТВОРИ́ТЬ[1] *сов. что* рагьизе, ричIизе, къиризе; **~ о́кна** гордал къиризе

РАСТВОРИ́ТЬ[2] *сов. что (в жидкости)* 1) биинабизе 2) билъизе, билъизабизе; **~ са́хар в кипятке́** гьалараб лъелъ чакар билъизе

РАСТВОРИ́//ТЬСЯ[1] *сов. (открыться)* рагьун ине, ричIун бачIине; **окно ~ лось** горду рагьун ана

РАСТВОРИ́ТЬСЯ[2] *сов.* 1) (*в жидкости*) биине, билъизе, гъорлъ босизе 2) *перен. (исчезнуть)* тIагIине

РАСТВОРЯ ТЬ(СЯ)[1,2] *несов. см.* **раствори́ ть(ся)**[1,2]

РАСТЕКА́ТЬСЯ *несов. см.* **расте́чься**

РАСТЕ́НИЕ *с* хер, хурдул; ракьалда бижараб, бижулеб жо

РАСТЕНИЕВО́ДСТВО *с* хурдул гIезари; хъулухъ гьабун рижулел жал гIезари

РАСТЕРЕ́ТЬ *сов. что* 1) (*размельчить)* лъулъан хъуризабизе, гIисин гьабизе, хIаризабизе 2) (*размазать)* лъулъан бахине 3) *кого-что (сделать массаж)* лъухьизе, зуризе, массаж гьабизе

РАСТЕРЕ́ТЬСЯ *сов.* 1) (*размельчиться)* хIарун ине, гIисинлъизе, хъурун ине 2) (*растереть себя*) живго лъулъазе; **~ ма́зью** мазьги бахун лъулъазе

РАСТЕ́РЗАННЫЙ, -ая, -ое тIутIун бараб, лага-лага (*батIа*) гьабураб

РАСТЕРЗА́//ТЬ *сов. кого-что* 1) (*разорвать*) тIутIун базе, пара-пара гьабизе, лага-лага гьабун рехизе; **волк ~л ягнёнка** бацIица кьегIер тIутIун бана 2) *перен. (измучить)* инжит гьабизе, гIазаб-гIакъуба кьезе

РАСТЕ́РЯННОСТЬ *ж* виххи; виххун, гьабизе жо лъаларого хутIи

РАСТЕ́РЯННЫЙ, -ая, -ое виххарав; гьабизе жо лъаларого хутIарав

РАСТЕРЯ́ТЬ *сов. кого-что* кIваргьечIолъиялъ цо-цоккун рилизаризе; **~ ве́щи** къайи цо-цоккун билизабизе, тIагIинабизе

РАСТЕРЯ́ //ТЬСЯ *сов.* 1) (*потеряться*) цо-цоккун билизе; **все ве́щи ~лись** кинабго къайи цо-цоккун билана 2) (*от волнения и т.п. – о человеке)* виххизе, гьабизе жо лъаларого хутIизе; **~ться от неожи́данности** ракIалдаго гьечIого ккаралъ виххизе; **не ~ться** виххичIого вукIине

РАСТЕ́ЧЬСЯ *сов. (о воде, толпе и т.п.*) чвахун ине (*батIибатIияб рахъалде*)

РАСТ//И́ *несов.* 1) (*произрастать где-л.*) бижизе; **трава́ ~ет** хер бижулеб буго 2) (*становиться взрослее*) кIудияб гIезе; гIезе; **он рос в го́роде** гъов шагьаралда гIуна; **тебе́ на́до ~и** мун кIудияв гIезе ккола 3) (*увеличиваться*) гIемерлъизе, кIодолъизе; **~ут дохо́ды** хайирал цIикIкIунел, гIемерлъулел руго; **промы́шленность ~ет** промышленность цебе тIолеб буго 4) *перен. (совершенствоваться)* камиллъизе

РАСТИРА́НИЕ *с* 1) (*по гл.* **растира́ть**) лъухьи, лъулъай 2) (*массаж*) массаж, массаж гьаби, зури, кIвекIи

РАСТИРА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **растере́ть(ся)**

РАСТИ́ТЕЛЬНОСТЬ *ж* рижарал жал, гъветI-хер; **~ Кавка́за** Кавказалъул гъветI-хер 2) (*волосы*) рас (*черхалда бижараб*)

РАСТИ́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое хурдузул; **~ая пи́ща** хурдузул квен; **~ое ма́сло** хурдузул нах

РАСТИ́ТЬ *несов.* 1) *кого-что (воспитывать)* тарбия кьун гIезабизе; **~ дете́й** тарбия кьун, тIалаб-агъаз гьабун лъимал гIезаризе 2) *кого-что (выращивать*) бижизабизе; **~ цветы́** тIугьдул ри-жизаризе 3) *что (совершенствовать*) камиллъизабизе; **~ тала́нт** гьунар камиллъизабизе 4) (*дать расти*) бижизе тезе; бахине, гIезе биччазе; **~ бо́роду** мегеж тезе (бахине тезе)

РАСТЛЕВА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **растли́ ть(ся)**

РАСТЛЕ́НИЕ *с* **1.** 1) (*по гл.* **растли́ть**) чIужугIаданалда хIал гьаби, яслъи хвезаби 2) *перен.* пучлъи, пасалъи (*хасиятал*) **2**. (*по гл.* **растли́ться**) пучаб гIамал хьвадизаби, пасалъи, саяхълъи, инжитаб хIалалде ккей

РАСТЛИ́ТЬ *сов. кого-что* 1) чIужугIаданалда хIал гьабизе, яслъи хвезабизе 2) *перен. (нравственно)* хьвада-чIвадиялъул низам биххизабизе, инжитаб хIалалде ккезабизе

РАСТЛИ́ТЬСЯ *сов. (развратиться)* саяхълъизе, хьвада-чIвадиялъул низам биххизе, инжитаб хIалалде ккезе

РАСТОЛКА́ТЬ *сов. кого-что* 1) *кого-что (в разные стороны*) тунк-тункун доре-гьанире рехизе; **~ толпу́** гIадамазул руккел рахъ-рахъалде тункизе 2) (*разбудить*) кьижаралъуса тункун ворчIизавизе

РАСТОЛКОВА́ТЬ *сов. что* лъикI баян гьабизе, бичIчIизабизе

РАСТОЛКО́ВЫВАТЬ *несов. см.* **растолкова́ть**

РАСТОЛО́ЧЬ *сов. что* бухун хъуризабизе, хIаризабизе, гIисин гьабизе; **~ чесно́к** ражи бухизе (бухун гIисин гьабизе)

РАСТОЛСТЕ́ТЬ *сов.* кутакалда вицалъизе, кьаралъизе

РАСТОПИ́ ТЬ[1] *сов. что (печь и т.п.*) цIа бакизе; **~ печь** печь бакизе (*печалъуб цIа бакизе*)

РАСТОПИ́ТЬ[2] *сов. что (масло и т.п.)* биинабизе; **~ ма́сло** нах биинабизе (*багIаризабун*); **~ воск** хIе биинабизе

РАСТОПИ́ ТЬСЯ[1] *сов. (о печи)* цIакъ рекIине лъугьине

РАСТОПИ́ТЬСЯ[2] *сов. (о масле и т.п.*) биине, биун ине; **ма́сло растопи́ лось** нах биана, биун ана

РАСТО́ПКА *ж* **1.** (*по гл.* **растопи́ ть**[1]) баки, рекIинаби **2**. *собир. разг. (щепки и т.п.*) цIадари, цIа рекIинабизе жо, кан, лъехъел

РАСТОПТА́ТЬ *сов.* 1) *кого-что* хIатIаз мерхьине, мерхьун хвезабизе 2) *что прост. (разносить)* гIемер хьвадун хьитазул куц хвезабизе, гIатIид гьаризе

РАСТОПТА́//ТЬСЯ *сов. прост.* гIемер хьвадун хьитазул куц хвезе, гIатIилъизе; **сапоги́ ~лись** чакмаби гIатIилъана (*чакмабазул куц хвана*)

РАСТОПЫ́ РИВАТЬ *несов. см.* **растопы́ рить**

РАСТОПЫ́РИТЬ *сов. что разг.* тIирхъизаризе; **~ па́льцы** килщал тIирхъизаризе, тирщун риччазе

РАСТОРГА́ТЬ *несов. см.* **расто́ргнуть**

РАСТО́РГНУТЬ *сов. что* биххизе, хвезабизе (*гьабураб къотIи*); **~ брак** ригьин биххизе

РАСТОРЖЕ́НИЕ *с* биххи, хвезаби (*гьабураб къотIи*); **~ до́говора** къотIи биххи; **~ бра́ка** ригьин биххи

РАСТОРО́ПНОСТЬ *ж* лебаллъи, тулаклъи

РАСТОРО́ПН//ЫЙ, -ая, -ое лебалав, тулакав; **~ая хозя́йка** лебалай хозяйка (*чIужу*)

РАСТОЧА́ТЬ *несов.* 1) (*растачивать*) гIадада хвезабизе, чIалгIаде харж гьабизе 2) *перен.* цIакъго сахавалъизе; **~ похвалы́** цIакъго, гIемерго беццизе

РАСТОЧИ́ТЕЛЬ *м* гIадада боцIи хвезабулев чи, исрап гьабулев чи, исрапчи

РАСТОЧИ́ ТЕЛЬНИЦА *ж* гIадада боцIи хвезабулей, гIадада харж гьабулей гIадан

РАСТОЧИ́ТЕЛЬНОСТЬ *ж* гIадада боцIи хвезабулеб хасият, исрапчилъи

РАСТОЧИ́ ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое жо цIунуларев, боцIи гIадада хвезабулев; **~ челове́к** гIадада боцIи хвезабулев чи

РАСТОЧИ́ ТЕЛЬСТВО *с см.* **расточи́ тельность**

РАСТОЧИ́ТЬ[1] *сов. тех.* борлъун гIатIид, гъварид гьабизе; **~ отве́рстие** борлъун каратI гIатIид гьабизе

РАСТОЧИ́ТЬ[2] *сов. (растратить деньги, имущество)* гIадада хвезабизе, чIалгIаде харж гьабизе

РАСТРАВИ́ ТЬ *сов.* 1) *кого-что* цидахинавизе, рахIат хвезабизе; бигъинабизе; **~ ра́ну** ругъун бигъинабизе 2) *что перен. разг.* араб-тараб къварилъиялъул бицун цIи гьабизе; **~ ста́рое го́ре** араб, некIогосеб къварилъи, рухIел цIи гьабизе 3) *кого (раздразнить)* балъаргъине; **~ соба́к** гьаби ралъаргъине

РАСТРАВЛЯ́ ТЬ *несов. см.* **растрави́ ть**

РАСТРАНЖИ́РИТЬ *сов. что разг.* гIадада хвезабизе, тIагIинабизе (*харж гьабун*), гIадада харж гьабизе

РАСТРАНЖИ́ РИВАТЬ *несов. см.* **растранжи́ рить**

РАСТРА́Т//А *ж* (*по гл.* **растра́тить**) 1) гIадада, ургъичIого харж гьаби, хвезаби; **соверши́ ть ~у** гIадада харж гьабизе 2) харж гьабураб, хвезабураб гIарцул къадар 3) *перен.* хвезаби; **~а вре́мени** заман гIадада хвезаби, гIадада заман чIвай

РАСТРА́ТИТЬ *сов. что (израсходовать)* харж гьабизе, хвезабизе; **~ чужи́е де́ньги** чияр гIарац харж гьабизе, хвезабизе 2) *перен.* хвезабизе; **~ вре́мя** заман гIадада хвезабизе, чIвазе

РАСТРА́ТЧИК *м* растратчик (*законияб гуреб куцалъ жинда божилъи гьабураб гIарац хвезабурав хъулухъчи*)

РАСТРА́ТЧИЦА *ж* растра́тчица

РАСТРА́ЧИВАТЬ *несов. см.* **растра́тить**

РАСТРЕВО́ЖИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **растрево́жить(ся)**

РАСТРЕВО́ЖИТЬ *сов. кого-что* 1) (*встревожить)* рахIат хвезабизе, лазатбахъи гьабизе, гьалагIъизавизе 2) *прям., перен. (разбередить)* цIи гьабизе (*унти*), багъаризабизе; **~ ра́ну** ругъун цIи гьабизе

РАСТРЕВО́ЖИТЬ *сов. разг.* рахIат хвезабизе, лазатбахъи гьабизе

РАСТРЕЗВО́НИТЬ *сов. что о чем разг.* къватIибе кьвагьизе, тIибитIизабизе (*къватIул харбал, бугьтанал...*)

РАСТРЁПАНН//ЫЙ, -ая, -ое тIутIу-хъухъураб, магъкьид гьенолеб, бихха-бичараб, гьурщун биччараб, гьал-гьалараб; **с ~ыми волоса́ми** гьал-гьалараб, гьурщун биччараб расалъул; **~ая кни́га** тIутIу-хъухъураб тIехь

РАСТРЕПА́ТЬ *сов. что* цIуничIого, добе-гьанибе рехун хвезабизе, басралъизабизе; **~ кни́ гу** тIехь тIутIу-хъухъун хвезабизе; **~ во́лосы** рас гьурщун биччан тезе 3) (*очистить расчесывая*) халаго бацIцIад гьабизе; **~ ше́рсть** квас халаго бацIцIад гьабизе

РАСТРЕПА́ТЬСЯ *сов.* хIул-хIулизе, букIкI-букIкIине, тIутIун ине, бихха-бичизе, гьурщун ине

РАСТРЁПЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **растрепа́ть(ся)**

РАСТРЕ́СКА//ТЬСЯ *сов.* кьватI-кьватIизе; **гу́бы ~лись** кIутIби кьватI-кьватIун руго; **земля́ ~лась** ракь кьватI-кьватIун буго

РАСТРЕ́СКИВАТЬСЯ *несов. см.* **растре́скаться**

РАСТРО́ГАТЬ *сов. кого-что* рекIее асар гьабизе, хIайранлъизавизе

РАСТРО́ГАТЬСЯ *сов.* рекIее асар ккезе, хIайранлъизе; ~ **до слез** магIу баккиледухъ хIайранлъизе

РАСТРУ́Б *м* турбаялъул кIалалда бугеб гIатIилъи; пулел музыкалиял тIагIелазул гIатIилъун бачIараб бутIа

РАСТРУБИ́ТЬ *сов. что разг.* киса-кибего хабар тIибитIизабизе; ~ **но́вость** цIияб хабар тIибитIизабизе, къватIибе кьвагьизе (къватIиб рагIизабизе)

РАСТРЯСА́ТЬ *несов. см.* **растрясти́**

РАСТРЯС//ТИ́ *сов.* 1) *что (раскидать, рассыпать)* тIибитIизе, щущазабизе; **~ти се́но** хер тIибитIизе 2) *кого (разбудить)* кIовокIун ворчIизавизе 3) *кого (утомить)* чIучIадахъдизавиялъ сваказавизе; **в теле́ге его ~ёт** гьакида чIучIадахъдизавиялъ гьев сваказавизе вуго 4) (*трясти)* кIовокIизе 5) *перен. (растратить)* гIадада хвезабизе (*гIарац*)

РАСТЯ́ГИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **растяну́ть(ся)**

РАСТЯЖЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **растяну́ть**) цIан халат гьаби, гIеб гьаби **2**. (*по гл.* **растяну́ться**) цIан бачIин, гIéблъи; къуркьи *(бох, хIетIе)*

РАСТЯЖИ́ М//ЫЙ, -ая, -ое 1) цIан кIодолъулеб, цIан халат, гIатIид гьабизе бегьулеб 2) *перен.* батIа-батIайиса бичIчIизе бегьулеб, бокьараб рахъалде цIазе бегьулеб; **~ое поня́тие** батIа-батIайиса цIазе (бичIчIизе) бегьулеб магIна

РАСТЯ́ НУТЫЙ, -ая, -ое 1) (*длинный*) халатаб; цIаялъ (цIан) кIодолъараб, гIатIилъараб

РАСТЯНУ́ТЬ *сов. что* 1) (*вытянуть*) цIан кIодо гьабизе, цIан халат гьабизе, цIан бачIинабизе; ~ **ко́жу** тIом цIан кIодо гьабизе, цIа-цIазе 2) (*повредить)* цIазабизе, жагъал гьабизе; ~ **сухожи́лие** щекI жагъал гьабизе, цIазабизе 3) (*разостлать)* гIодоб тIибитIизе, тIамизе (*халича)* 4) (*затянуть*) халат бахъинабизе; ~ **докла́д на два часа́** доклад кIиго сагIаталъ халат бахъинабизе

РАСТЯНУ́//ТЬСЯ *сов.* 1) (*вытянуться)* цIан бачIине, халалъизе; **рези́нка ~лась** резинка цIан бачIана 2) **~лись сухожи́лия** щукIдул цIан руго 3) (*расположиться на большом пространстве*) кIудияб гIатIилъиялда тIиритIун рукIине 4) *разг. (улечься)* цIан витIун вегизе, (*упасть)* чвархъан гIодов ккезе 5) (*затянуться*) халалъизе; **рабо́та ~лась на неде́лю** хIалтIи анкьалъ халалъана (халат бахъана)

РАСТЯ́ПА *м, ж разг.* бетIер хIалтIуларев, тохав, палгъарав чи

РАСФАСОВА́ТЬ *сов. что* бичилалде цIазеги цIан къучIбузухъе базе; ~ **са́хар** чакар бичилалде цIазеги цIан къучIбузухъе базе

РАСФАСО́ВКА *ж* бичилалде *щибниги жо* цIазеги цIан къучIбузухъе бай

РАСФАСО́ВЫВАТЬ *несов. см.* **расфасова́ть**

РАСФОРМИРОВА́ТЬ *сов. что кинаб бугониги* гIуцIи́, къокъа биххизабизе яги цогидалда тIад бикьизе

РАСФОРМИРО́ВЫВАТЬ *несов. см.* **расформирова́ть**

РАСХА́ЖИВАТЬ *несов.* гIедегIичIого, гьаругьинан довегьаниве хьвадулев вукIине; ~ **взад и вперёд** цеве-нахъе хьвадулев вукIине; ~ **по ко́мнате** рокъов жанив хьвадулев вукIине

РАСХВА́ЛИВАТЬ *несов. см.* **расхвали́ ть**

РАСХВАЛИ́ТЬ *сов. кого-что* кутакалда вещцизе; ~ **това́р** къайи кутакалда бещцизе

РАСХВА́СТАТЬСЯ *сов. разг.* вещцаризе лъугьине

РАСХВАТА́ТЬ *сов. кого-что разг.* хапун босизе, щварас щвараб хъамизе

РАСХВА́ТЫВАТЬ *несов. см.* **расхвата́ть**

РАСХИТИ́ ТЕЛЬ *м* щвараб жо бикъулев, хъамулев чи

РАСХИТИ́ТЕЛЬНИЦА *ж* щвараб жо бикъулей, хъамулей гIадан

РАСХИТИ́ ТЬ *сов. что* гIемераб боцIи бикъун, хъамун лъугIизабизе; ~ **иму́щество** буголъи бикъа-хъамизе

РАСХИЩА́ТЬ *несов. см.* **расхити́ ть**

РАСХИЩЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **расхити́ ть**) бикъи, хъами

РАСХЛЕБА́ТЬ *сов. см.* **расхлёбывать**

РАСХЛЁБЫВАТЬ *несов.* кинабго, щибго нахъе тIечого, кванан лъугIизабизе ◊ ~ **ка́шу** захIматаб иш баян гьабизе (бичизе)

РАСХЛЯ́БАННОСТЬ *ж разг.* 1) (*расшатанность)* мухIканлъи, чIванкъотIи, щулалъи гьечIолъи 2) (*недисциплинированность)* низам гьечIолъи, тартиб биххун букIин, гIадлу-низам биххи

РАСХЛЯ́БАННЫЙ, -ая, -ое *разг.* низам биххараб, гIадлу гьечIеб; ~ **челове́к** гIадлу-низам гьечIев чи

РАСХО́Д *м* **1.** (*по гл.* **расхо́довать**) хвезаби, хIалтIизаби, харж гьаби; ~ **де́нег** гIарац харж гьаби **2.** (*затраты, издержки*) *сундуениги* гьабураб харж; **~ы произво́дства** производствоялъул харжал, производствоялда гьарурал харжал ◊ **пусти́ ть в** ~ гIужие гъун чIвазе

РАСХОДИ́ТЬСЯ[1] *сов. разг. (начать много ходить взад и вперед)* гIемер дове-гьаниве хьвадизе (*байбихьизе*) 2) (*втянуться в ходьбу)* хьвадиялде ругьунлъизе, свак лъангутIизе 3) *перен. (разбушеваться)* щцин бахъин, гьалаглъи бихьизабизе лъугьине

РАСХОДИ́ТЬСЯ[2] *несов. см.* **разойти́сь; у него́ слова́ никогда́ не расхо́дятся с де́лом** гьесул рагIиги (*бицунеб хабарги*) гьабулеб ишги кидаго данде ккола

РАСХО́ДН//ЫЙ, -ая, -ое харж гьабиялъул, расходалъул; **~ая кни́га** расходазул даптар, тIехь; **~ая сме́та** расходазул смета

РАСХО́Д//ОВАТЬ *несов. что* 1) (*тратить)* харж гьабизе; **~овать де́ньги** гIарац харж гьабизе 2) *разг. (истреблять)* лъугIизабизе; бухIизе; **мото́р ~ует мно́го бензи́на** моторалъ гIемер бензин бухIулеб буго

РАСХОЖДЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **разойти́ сь**) рахъ-рахъалде ин (*например, лучей)* **2.** (*несовпадение*) дандеккунгутIи; ~ **во взгля́дах** пикраби дандеккунгутIи

РАСХО́Ж//ИЙ, -ая, -ее *разг. (ходкий*) кидаго хIалтIизабизе бугеб; **~ее пла́тье** тIаса бахъулареб, кидаго ретIунеб гурде

РАСХОЛА́ЖИВАТЬ *несов. см.* **расхолоди́ ть**

РАСХОЛОДИ́ ТЬ *сов. кого-что* ракI буссинабизе (*лъил, сундаса*)

РАСХОТЕ́ТЬ *сов. что, чего с неопр. разг.* бокьичIого букIине, ракI буссине; ~ **есть** кваназе бокьичIого букIине, квандаса ракI буссине

РАСХОТЕ́//ТЬСЯ *сов. безл. чего с неопр. разг.* бóкьунгутIизе; **мне ~лось идти́ туда́** дие гьениве ине бокьун гьечIо; **~ться спать** кьижизе бокьунгутIизе

РАСХОХОТА́ТЬСЯ *сов.* гIагIадун виччан тезе; **гро́мко** ~ биччан гьаракьгун гIагIадизе

РАСХРАБРИ́ ТЬСЯ *сов. разг.* бахIарчилъи гIезе

РАСЦАРА́ПАТЬ *сов.кого-что* хъарс-хъарсизе; ~ **себе́ ру́ки** жиндирго кверал хъарс-хъарсизе (*хъарсун разе*)

РАСЦАРА́ПЫВАТЬ *несов. см.* **расцара́пать**

РАСЦВЕ//СТИ́ *сов.* 1) тIегьазе, тIегь базе; **в саду́ ~ли́ дере́вья** ахикь гъутIби тIегьана 2) *перен. (похорошеть)* сахаб кьер чIвазе (*гIадамасда*), лъикI лъугьине, гьайбатлъизе 3) *перен. (достигнуть высокой степени развития)* кутакалда цебе тIезе

РАСЦВЕ́Т *м* 1) (*по гл.* **расцвести́**) тIегьай 2) *перен. (подъем*) цебетIей; тIогьолъ бугеб гIуж, бищун лъикIаб заман, завал; ~ **промы́шленности** промышленносталъул цебетIей

РАСЦВЕТА́ТЬ *несов. см.* **расцвести́**

РАСЦВЕ́ТК//А *ж* кьер, кьерал рекъей; **ткань краси́вой ~и** берцинаб кьералъул ххам

РАСЦЕЛОВА́ТЬ *сов. кого-что* лъикIаб хIалалъ, гIемер баизе, кьоч-кьочун биччан тезе

РАСЦЕЛОВА́ТЬСЯ *сов.* цоцада кьочаризе

РАСЦЕ́НИВАТЬ *несов. см.* **расцени́ ть**

РАСЦЕНИ́ТЬ *сов.* 1) *что (установить стоимость)* багьа чIезабизе; **това́р** кьайидул багьа чIезабизе 2) *кого-что перен. (дать оценку)* къимат кьезе; **высоко́ ~ тала́нт** гьунаралъе кIудияб къимат кьезе

РАСЦЕ́НК//А *ж* **1.** (*по гл.* **расцени́ ть**) багьа чIезаби **2**. (*цена*) чIезабураб багьа; **повы́сить ~и** багьаби цIикIкIинаризе, багьаби хиралъизаризе

РАСЦЕПИ́ТЬ *сов. кого-что* цоцадаса ратIа гьаризе, чIалхине (*цоцада бараб щибниги жо*); ~ **ваго́ны** вагонал цоцадаса ратIа гьаризе

РАСЦЕПИ́ТЬСЯ *сов.* цоцадаса батIалъизе (*цоцада бараб, хурхараб жо*), цоцадаса тIезе, чIалхине

РАСЦЕПЛЯ́ ТЬ(ся) *несов. см.* **расцепи́ ть(ся)**

РАСЧЕРТИ́ТЬ *сов.* хIуччал рахъизе, цIазе (*хIажатаб рахъалде ралагьизарун*)

РАСЧЕСА́ТЬ *сов. что* 1) гьаркьица ххазе; **~ во́лосы** рас, сап ххазе; **~ шерсть** квас ххазе 2) (*повредить чесанием*) хъасун унтизабизе, ччукIизабизе **~ ра́ну** ругъун хъасун унтизабизе

РАСЧЕСА́ТЬСЯ *сов. разг.* 1) гьаркьица жиндирго рас, катIари ххазе 2) хъасулаго хъарсун базе, хъарс-хъарсизе

РАСЧЁСКА *ж* **1.** (*по гл.* **расчеса́ть**) (*бетIер*) ххай **2.** (*гребёнка*) гьоркьо

РАСЧЁСЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **расчеса́ть(ся)**

РАСЧЁСТЬ *сов. см.* **рассчита́ть** 1) 2)

РАСЧЁТ *м* **1.** (*по гл.* **рассчита́ть**) хIисаб; **оши́ бка в ~е** хIисабалъулъ гьалатI **2**. расчет гьаби, кколеб жо кьей; **дать ~** расчет кьезе, гьабизе; **получи́ть ~** расчет босизе **3**. кколеб жоги кьун, хъулухъалдаса ватIа гьави; **взять ~ с рабо́ты** хIалтIудаса расчет босизе **4**. *тех.* **~ мо́щности заво́да** заводалъул къуваталъул хIисаб **5**. (*выгода*) пайда, хайир, мунпагIат; **нет ~а е́хать туда́** дове иналъул пайда гьечIо **6**. (*предположение*) къасд, пикру, хиял **7**. *воен.* расчет (*гIарадаялъе я пулеметалъе хъулухъ гьабулезул къокъа*) ◊ **за нали́чный ~** кодобе гIарац кьун; **по безнали́ чному ~у** кодобе гIарац кьечIого; **принима́ть** *что-л.* **в ~** *щибниги* хIисабалде босизе; **тепе́рь мы с ва́ми в ~е** нилъер цоцазулгунисеб хIисаб-суал лъугIана

РАСЧЁТЛИВОСТЬ *ж* 1) (*бережливость)* цIуна-къай буголъи 2) (*осмотрительность)* цIодорлъи, пикру гьаби (*ишалъулъ*), ургъун иш гьаби

РАСЧЁТЛИВЫЙ, -ая, -ое 1) (*бережливый*) цIуна-къай бугев, хIисабалда гурони боцIи харж гьабуларев 2) (*осмотрительный*) цIодорав (*цIодорго иш гьабулев*), ургъичIого иш гьабуларев

РАСЧЁТН//ЫЙ, -ая, -ое расчеталъул, расчетазулаб; хIисабалъе бугеб; **~ая ве́домость** расчетазул ведомость; **~ый отде́л** расчет кьолеб (*гьабулеб*) отдел; **~ая кни́жка** расчет хъвалеб даптар

РАСЧИ́СТИТЬ *сов. что* бацIцIад гьабизе; нух бахъизе; **~ доро́жки** нухал рацIцIад гьаризе; **~ путь** нух бахъизе (*квалквалал нахъе гьарун*)

РАСЧИ́СТКА *ж* **1.** (*по гл.* **расчи́стить**) бацIцIад гьаби **2.** рохьоб гъутIбуздаса бацIцIад гьабураб бакI

РАСЧИЩА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **расчи́ стить(ся)**

РАСЧЛЕНИ́ТЬ *сов. что* бутIабазде бикьизе, бутIа-бутIаби гьаризе; **~ позвонки́** мугъзагьодал рищизе, ратIа гьаризе

РАСЧЛЕНЯ́ ТЬ *несов. см.* **расчлени́ ть**

РАСЧУ́ВСТВОВАТЬСЯ *сов. разг.* гурхIун, тамахлъун лъугьине, рекIее асар лъугьине

РАСШАЛИ́//ТЬСЯ *сов.* кутакалда хъудизе, расандизе лъугьине; бокьа-бокьараб гьабизе лъугьине; **де́ти ~лись** лъимал тIасан ккун расандизе лъугьана

РАСША́РКАТЬСЯ *сов.* 1) хIатIал цоцалъ тункизарун салам кьезе 2) хIелигун цадахъаб хIурмат гьабизе

РАСША́ТАНН//ЫЙ, -ая, -ое 1) гьанкIолеб, хьвагIолеб; **~ стол** хьвагIолеб стол 2) *перен.* загIиплъараб, чIемегIлъараб; **~ые не́рвы** чIемегIлъарал нервал

РАСШАТА́ТЬ *сов. что* 1) кIобокIун чучлъизабизе, чIемегIлъизабизе; гьанкIезабизе, хьвагIезабизе, гьаризабизе; **~ зуб** ца хьвагIезабизе; **~ де́рево** гъветI хьвагIезабизе; **~ гвоздь** магI чучлъизабизе; **~ до́ску** хъарщи гьанкIезабизе 2) *перен.* загIип гьабизе; **~ здоро́вье** сахлъи загIиплъизабизе

РАСШАТА́//ТЬСЯ *сов.* 1) (*стать неустойчивым*) кIобокIиялъ чучлъизе 2) загIиплъизе, хашлъизе; **дисципли́на в кла́ссе ~лась** классалда гIадлу чучлъана

РАСША́ТЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **расшата́ть(ся)**

РАСШВЫ́ РИВАТЬ *несов. см.* **расшвыря́ ть**

РАСШВЫРЯ́ТЬ *сов. разг.* 1) *что* рахъ-рахъалде рехизе 2) гIадада хвезабизе (*гIарац*)

РАСШЕВЕ́ЛИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **расшевели́ ть(ся)**

РАСШЕВЕЛИ́ ТЬ *сов. кого-что* 1) багъа-бачаризабизе (*квер хъатIун*) 2) *перен.* вагъа-вачаризавизе; **его́ тру́дно ~** гьев вагъа-вачаризавизе захIмалъула

РАСШЕВЕЛИ́ТЬСЯ *сов. разг.* 1) (*начать шевелиться*) багъа-бачаризе (*лъугьине*) 2) *перен.* (*стать активным*) вагъа-вачаризе, чIинкьа-кIитIизе

РАСШИБА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **расшиби́ ть(ся)**

РАСШИБИ́ТЬ *сов. кого-что разг. кибниги* тункун, кьабун жагъал гьабизе

РАСШИБИ́ ТЬСЯ *сов.* 1) *разг. (ушибиться) кибниги* тункун, гIодов ккун жагъаллъизе

РАСШИВА́ТЬ *несов. см.* **расши́ ть**

РАСШИРЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **расши́ рить**) гIатIид гьаби, цIикIкIинаби; **~ посевно́й пло́щади** бекьулеб бакI гIатIид гьаби **2.** (*по гл.* **расши́риться**) гIатIилъи, цIикIкIин, гIемерлъи; **~ шко́льной сети́** школал гIемерлъи **3**. (*расширенная часть*) гIа-тIилъи, гIатIилъараб бакI

РАСШИ́ РЕНН//ЫЙ, -ая, -ое гIатIилъараб, гIатIилъизабураб; кIодо гьабураб; **~ая програ́мма** кIодо, гIатIид гьабураб программа (*гIуцIиялъул, хIасилалъул рахъалъ*); **~ое воспроизво́дство** гIатIид, кIодо гьабун цIидасан гIуцIи; **~ые зрачки́** кIодолъарал, чIахIалъарал ясберал; **~ое толкова́ние** гIатIидго батIи-батIияб куцалъ магIна кьезе бегьи

РАСШИ́РИТЬ *сов. что* 1) (*сделать шире*) гIатIилъизабизе, гIатIид гьабизе 2) (*увеличить в числе, объеме*) къадаралъул, объемалъул рахъалъ кIодо гьабизе; **~ ассортиме́нт** *сундулниги* тайпа гIемер гьабизе 3) (*сделать обширнее*) кIодо гьабизе, гIатIилъизабизе; **~ кругозо́р** бичIчIиялъул, лъаялъул рахъ гIатIилъизабизе

РАСШИ́РИТЬСЯ *сов.* 1) (*стать более широким*) гIатIи-лъизе 2) (*увеличиться в числе, объеме*) цIикIкIине, гIемерлъизе, кIодолъизе 3) (*стать обширнее*) гIемерлъизе, тIибитIизе, кIудияб бакI кквезе

РАСШИРЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **расши́ рить(ся)**

РАСШИ́ТЫЙ, -ая, -ое (*украшенный вышивкой*) угъарал накъищаз берцин гьабураб

РАСШИ́ТЬ *сов. что* 1) (*распороть)* чIалхине; **~ руба́шку** гурде чIалхине 2) (*вышить*) угъун берцин гьабизе

РАСШИФРОВА́ТЬ *сов. что* шифралъ балъго гьабураб жо цIализе, шифр цIализе 2) *перен. (угадать скрытый смысл)* бахчараб магIна балагьизе

РАСШИФРО́ВКА *ж* 1) (*по гл.* **расшифрова́ть**) шифралъ балъго гьабун хъвараб жо баян гьаби, тIатинаби 2) *перен. (угадать смысл)* магIна бичIчIи

РАСШИФРО́ВЫВАТЬ *несов. см.* **расшифрова́ть**

РАСШНУРОВА́ТЬ *сов. что* чIалал ричизе

РАСШНУРОВА́ТЬСЯ *сов.* 1) (*развязаться)* чIалал ричун ине 2) (*ослабить на себе шнуровку)* чIалал ричун риччазе, чуч гьаризе

РАСШНУРО́ВЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **расшнурова́ть(ся)**

РАСШУМЕ́//ТЬСЯ *сов. разг.* кутакалда хъудизе лъугьине; **де́ти ~лись** лъимал кутакалда хъудизе лъугьана 2) (*браниться)* вагъизе, семизе; **~ться из-за пустяко́в** щибго гуреб жо сабаблъун семизе

РАСЩЕ́ДРИВАТЬСЯ *несов. см.* **расще́дриться**

РАСЩЕ́ДРИТЬСЯ *сов. разг.* сахавалъизе, квер биччазе

РАСЩЕ́ЛИНА *ж* 1) (*ущелье в горах)* кIкIал, хъитI 2) (*трещина*) кьватIел (*гъотIол*)

РАСЩЕПИ́ТЬ *сов. что* 1) (*расколоть на части)* хъвалхь-хъвалхьине; **~ доще́чку** хъарщи хъвалхьине 2) (*раздробить)* щущазабизе 3) *физ., хим.* гIисинал бутIабазде биххизе; **~ а́том** атом бутIабазде биххизе (*биххизабизе*)

РАСЩЕПИ́ ТЬСЯ *сов.* 1) (*расколоться вдоль*) хъвалхьун ине 2) *физ., хим.* бутIабазде бикьун ине 3) (*раздробиться*) кесказде биххун ине, кескал лъугьине, кескахине

РАСЩЕПЛЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **расщепи́ ть**) кескахинаби, бутIабазде биххизаби, хъвалхьинаби **2**. (*по гл.* **расщепи́ ться**) кескахин, бутIабазде биххун ин, хъвалхьун ин

РАСЩЕПЛЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **расщепи́ ть(ся)**

РАТИФИКАЦИО́ННЫЙ, -ая, -ое ратификациялъулаб, тасдикъ гьабиялъул(аб)

РАТИФИКА́ЦИЯ *ж* ратификация *(кIиго я чанго пачали-хъалъул вакилзабаз гьабураб къотIи пачалихъияб бищун тIадегIанаб идараялъ тасдикъ гьаби*), тасдикъ гьаби, ритIухъ гьаби

РАТИФИЦИ́РОВАТЬ *сов. и несов. что* ратификация гьабизе, тасдикъ гьабизе, ритIухъ гьабизе

РА́ТНИК *м* бодулав, аскарияв, рагъухъан

РА́ТН//ЫЙ, -ая, -ое бодулаб, аскаралъулаб, рагъулаб; **~ые по́двиги** рагъулал гьунарал

РА́ТОВАТЬ *несов. за кого-что, против кого-чего (бороться за что-л. или против чего-л.)* кьеркьезе, вагъизе

РА́ТУША *ж* ратуша (*цо-цо улкабазда шагьаралъул тIадегIанаб идара, гьединго гьеб идара жаниб бугеб мина*)

РАТЬ *ж уст. поэт. (войско)* бо, аскар

РА́УНД *м спорт.* раунд (*боксалда кьабеялъул цо бутIа -3 минут*)

РАФИНА́Д *м* бацIцIад гьабураб кесекчакар

РАФИНИ́РОВАНН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*очищенный*) бацIцIад гьабураб (*гъорлъ журарал жалаздаса*); **~ое ма́сло** бацIцIад гьабураб нах 2) *перен. (изысканный*) кутакалда къачIараб, тIад чIун гьабураб; **~ наря́д** назукаб, берцинго букъараб ретIел

РАФИНИ́РОВАТЬ *сов. и несов. что* 1) (*очистить)* гъорлъ журарал жалаздаса бацIцIад гьабизе (*нефть*) 2) (*превратить в рафинад)* рафинад гьабизе (*къачIан къвакIизабизе*)

РАХИ́Т *м мед.* рахит (*гIисинал лъималазул ракьа къачIо-лъиялдалъун лъугьунеб унти*)

РАХИ́ТИК *м* рахиталъ унтараб лъимер

РАХИТИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое, **рахити́чный,** -ая, -ое рахит бугев, рахиталъ унтарав

РАЦИО́Н *м* хIайваназе цо нухалъ кьолеб кIалцIи-хералъул къадар; **су́точный ~** цо сордо-къоялъ кьолеб кIалцIи-хералъул къадар

РАЦИОНАЛИЗА́ТОР *м* рационализатор, рационализация гьабулев чи

РАЦИОНАЛИЗА́ТОРСК//ИЙ, -ая, -ое рационализаторасул(аб); **~ое предложе́ние** рационализациялъулаб предложение

РАЦИОНАЛИЗА́ЦИЯ *ж* рационализация (*кинаб бугониги ишалъул дагьабги цIикIкIун камиллъи, лъугIел, биго̄алъи ва лъикI-лъи бачIинаби*)

РАЦИОНАЛИЗИ́РОВАТЬ *сов. и несов. что* рационализация гьабизе

РАЦИОНАЛИ́ЗМ *м* 1) *филос.* рационализм (*дуниял бичIчIун лъаялъе кьучIлъун, хIалбихьи гуреб, гIакълу бугилан абулеб идеализмияб философиялъул нух*) 2) (*рассудочное отношение к жизни*) гIумруялде гIакълияб бербалагьи

РАЦИОНАЛИ́СТ *м* 1) *филос.* рационалист (*рационализмалъул нух ккурав чи*) 2) (*рассудочный человек)* бетIер хIалтIулев чи, гIумруялде гIакълияб бербалагьи гьабулев чи

РАЦИОНАЛИСТИ́ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое гIумруялде гIакълияб бербалагьи гьабулеб

РАЦИОНА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое (*разумный*) гIакълуялда рекъон кколеб, санагIатаб, мунпагIатаб, мустахIикъаб; цIодораб; **~ое испо́льзование обору́дования** тIагIел-гIучI мунпагIаталда, цIодорго хIалтIизаби

РА́ЦИЯ *ж* рация (*добе-гьанибе босизе бегьулеб гьитIинаб радиостанция*)

РА́ЧИЙ, -ья, -ье ралъдал гарцIил, гарцIилаб; *бал.* **рак**

РАЧИ́ТЕЛЬ *м сундулниги* кутакалда тIалаб гьабулев чи

РАЧИ́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое ургъел-агъаз гьабулев, иш бетIералде босулев

РА́ШПИЛЬ *м тех.* вахтиро

РАЩУ́ *1 л. ед. наст. от* **расти́ ть**

РВА, рву *и т.д. род., дат. и т.д. от* **ров**

РВАНУ́ //ТЬ *сов.* 1) *кого-что (резко дернуть)* туркIун биччан тезе, цIакъ туркIизе 2) *разг. (резко тронуться с места)* туркIун цере ине; **ло́шади ~ли** чуял туркIун (циндаго) цере ана 3) (*о ветре)* гьури речIчIизе

РВАНУ́ //ТЬСЯ *сов. разг.* вортун виччан тезе, ккун чIезавизе кIолареб хIалалъ вортизе (*цевехун ине*)

РВА́Н//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*разорванный на части*) тIутIураб; **~ые провода́** тIутIурал кварал 2) (*порванный, с дырами)* бихъбихъараб, хохораб, багь-багьараб; **~ые брю́ки** бихъ-бихъараб тIажу

РВАТЬ[1] *несов. что* 1) (*выдергивать*) бахъизе; **~ из рук** кодоса кьурун бахъизе 2) (*обрывать*) тIун рехизе; **маши́на рвет ни́т-ку** машинаялъ кун тIолеб буго 3) (*на части*) тIутIун базе, бихъбихъизе 4) (*срывать*) тIезе, бетIизе; **~ цветы́** тIегь бетIизе; **~ цвето́к** тIегь тIезе; **~ траву́** хер бетIизе 5) *разг. (взрывать)* кьвагьизе; **~ скалу́** кьуру кьвагьизабизе 6) *перен. (порывать, прекращать)* тIезабизе, (*гьоркьоблъи*) къотIизабизе ◊ **~ на себе́ во́лосы** кутакалда рекIекълъизе, пашманлъизе; гьабизе жо лъаларого хутIизе; бетIун рас эхеде базе

РВАТЬ[2] *несов. безл. кого разг.* лагIизавизе; **больно́го рвёт** унтарав лагIизавулев вуго

РВА́ТЬСЯ *несов.* 1) (*разрываться)* бихъ-бихъун ине, тIутIун ине; **о́бувь рвётся** хьитал тIутIун унел руго 2) (*обрываться)* тIун ине 3) *перен. (о связях, отношениях)* гьоркьоблъи, хурхен тIезе, гьоркьоблъи хвезе 4) (*взрываться*) кьвагьун, щущан ине 5) (*вырываться*) къуваталъ, туркIун *сундасаниги* борчIизе, хвасарлъизе 6) *перен. (стремиться куда-л.) кивениги* лъутизе, ине жигар бахъизе ◊ **где то́нко, там и рвётся** тIереналъусанила кун тIолеб; тIеренабгIан кун хехго тIолебила

РВАЧ *м разг.* кинабго диеян лъугьарав чи, жиндиегоцIакъ

РВА́ЧЕСТВО *с разг.* кинабго жиндиеян лъугьин, жиндиего цIакълъи

РВЕ́НИЕ *с щибниги жоялъе* хIаракат гьаби; къасд, жигар, гьира (*сунденигги*); **он рабо́тает с больши́м ~м** дов цIакъ жигаралда хIалтIула

РВО́ТА *ж* 1) (*по гл.* **рвать**[2]) лагIи, лагIизе бачIин 2) *разг. (то, что извергнуто желудком*) лагIараб жо

РВО́ТНЫЙ, -ая, -ое лагIизабулеб; лагIиялъулаб

РВУ(СЬ) *1 л. ед. наст. от* **рва́ть(ся)**

РДЕТЬ *несов.* багIарлъизе

РЕ *с нескл. муз.* ре (*музыкалияб гаммаялъул кIиабилеб гьаракь; гьеб гьаракь бихьизабулеб нота)*

РЕАБИЛИТА́ЦИЯ *ж* реабилитация (*гIунтIизарун рукIарал гIайибалги тIаса рехун, вацIцIалъи*), гIайибалги тIаса рехун, цIидасан къадру-къимат гьаби; вацIцIалъи чIезаби (*судалъ*); унтудаса хадуб сахлъи рукIалиде ккей

РЕАБИЛИТИ́РОВАТЬ *сов. и несов. кого-что* реабилитация гьабизе, гIунтIизабун букIараб гIайибалдаса вацIцIалъизавизе

РЕАБИЛИТИ́РОВАТЬСЯ *сов. и несов.* реабилитация ккезе (*гIунтIизабураб гIайибалдаса вацIцIалъизе*)

РЕАГИ́РОВАТЬ *несов. на что* 1) (*проявлять свое отношение к чему-л.) сундехуннигги* жиндирго бербалагьи, *сунцаниги* жиндие гьабураб асар загьир гьабизе 2) *хим.* реакция лъугьине, химикияб хиса-баси лъугьине 3) (*чувствовать реакцию*) асар лъазе 4) асар гьабизе

РЕАКТИ́В *м хим.* реактив

РЕАКТИ́ВНЫЙ, -ая, -ое 1) *хим.* реактивияб (*химиялъулал анализазда реактивлъун хIалтIизабулеб*) 2) *физиол.* кьватIисан бугеб асаралъе жаваб кьолеб

РЕА́КТОР *м* реактор (*установка*): **а́томный ~** хасаб багIарияльда ва тIадецуялда химиялъулал реакциял лъугьинарулеб аппарат

РЕАКЦИОНЕ́Р *м* реакционер (*социалиялгун культуриял церетIеязул тушман*)

РЕАКЦИО́ННЫЙ, -ая, -ое реакциялда хурхараб (*бухьараб*); реакциялъе бугеб, халтIизабулеб

РЕА́КЦИЯ[1] *ж* 1) *хим, физ., физиол.* реакция 2) (*резкая перемена в настроении, самочувствии*) рекIел хIалалъе, къаркъалаялъе кколеб хехаб хиси

РЕА́КЦИЯ[2] *ж полит.* реакция (*басрияб низамалде руссиналъул политика; цIиялде, цебетIеялде дандечIей*)

РЕАЛИЗА́ЦИЯ *ж* 1) (*проведение в жизнь*) яшавалде бахъинаби; **~ пла́на** план гIумруялде, яшавалде бахъинаби 2) (*превращение в деньги*) гIарцухъ бичи; **~ това́ра** къайи бичи (*гIарцуде сверизаби*)

РЕАЛИ́ЗМ *м* 1) *лит., иск.* реализм (*объективияб хIакъикъат дурусго ва тIубан бихьизаби мурадлъун бугеб нух*); **социалисти́ -ческий ~** социалистияб реализм; **крити́ ческий ~** критикияб реализм (*19–20 веказда букIараб, литератураялда ва искусствоялда (адабияталда ва маданияталда*) гьорлъе раккун, гьваридго, битIун гIумру бихьизаби; буржуазиябгун помещиказулаб гIуцIиялда ругел тIуразе кIоларел дандеккунгутIиял рихьизари)

2) (*учет условий действительности*) хIакъикъиял шартIал баянго, гIелмияб куцалда хIисабалде роси; **~ в плани́ровании** планал гьарулаго, хIакъикъиял шартIал баянго, гIелмияб куцалда хIисабалде роси

РЕАЛИЗОВА́ТЬ *сов. и несов. что* 1) (*осуществить*) яшавалде, гIумруялде бахъинабизе, билъльинабизе; **~ пла́ны** план яшавалде бахъинабизе 2) (*продать)* бичизе, бичун гIарцуде бу-ссинабизе; **~ това́р** къайи бичизе 3) (*распространить)* тIибитIизабизе (*заем*)

РЕАЛИЗОВА́ТЬСЯ *сов. и несов.* 1) (*осуществиться)* билъльанхъизе, яшавалде бахъине 2) (*обратиться в деньги*) бичун гIарцуде буссине 3) тIибитIизе

РЕАЛИ́СТ *м* реалист, реализмалъул рахъ кколев чи (*хIакъикъаталъул дурусго хIисаб гьабун хьвадулев чи*)

РЕАЛИСТИ́ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое (*основанный на принципах реализма*) реализмалъул принципазда гIуцIараб; **~ое направле́ние в литерату́ре** литератураялда реализмалъул принципазда гIуцIараб гIумруялъулаб цебетIей бихьизабулеб къагIида

РЕА́ЛЬНОСТЬ *ж* 1) (*действительность)* хIакъикъияб, унго-унголъунги бугеб, ургъун бахъичIеб жо, хIакъикъат; **объекти́вная ~ вне́шнего ми́ра** нилъеда сверун бугеб дунял хIакъикъаталдаги букIин 2) (*осуществимость)* гIумруялде бахъинабун бажари, тIубазабизе кIвей; **~ пла́на** план тIубазе кIвей (*кIолеб букIин*)

РЕА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*действительный*) унго-унгояб, хIакъикъияб 2) (*трезвый, практичный)* витIарав; гIумру лъикI бичIчIулев; **~ взгляд на жизнь** гIумруялдехун (*бугеб*) битIараб бербалагьи 3) (*осуществимый*) тIубазабизе, гIумруялде бахъинабизе кIолеб; **~ый план** тIубазабизе кIолеб (*mIубазабун бажарулеб*) план; **~ое учи́лище** революциялда цебесеб Россиялда гьоркьохъел школазул цояб, гьоркьохъеб цIалул заведение

РЕАНИМА́ЦИЯ *ж мед.* реанимация (*клиникияб хвелалда вугев чи чIаголъизелъун гьарулел тадбирал*)

РЕБЁНОК *м* лъимер; **грудно́й ~** хахулеб лъимер

РЕБЁРНЫЙ, -ая, -ое хьабалухъагIучIазул(аб)

РЕБРИ́ СТЫЙ, -ая, -ое 1) хьабалухъагIучIал кьватIире рехараб, тIаде рараб 2) *перен.* гьодахараб, аргъан гIадаб

РЕБРО́ *с* 1) *анат.* хьабалухъагIучI 2) хьибил; **поста́вь кирпи́ч ребро́м** кирпич хьибиласа лъе 3) (*края, кромка*) ргIал; **~ столá** столалъул ргIал ◊ **поста́вить вопро́с ~м** чIван-къотIун лъазабизе, чIван-къотIун суал (цебе) лъезе

РЕ́БУС *м прям., перен.* ребус (*чIвазе ругел ргIаби сураталдаллъун, ишарабаздалъун кьураб бицанкIо; рагьизе кколеб масъала, суал*)

РЕБЯ́ТА *мн.* 1) *мн. от* **ребёнок** лъимал 2) *разг. (молодые люди, парни*) гIолохъаби, гIолилал

РЕБЯТИ́ ШКИ *м разг.* лъимал

РЕБЯ́ ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое 1) лъималазул(аб) *2) перен.* лъималазул гIадаб, ургъичIого гьабураб; **~ий посту́пок** лъималазул гIадаб, ургъичIого гьабураб ши

РЕБЯ́ ЧЕСТВО *с* лъимерлъи; лъимадул гIадаб гIамал

РЕБЯ́ ЧИТЬСЯ *несов. разг.* лъимер гIадин вукIине, лъимадул гIадаб хасият букIине

РЕБЯ́ ЧЛИВЫЙ, -ая, -ое лъимер гIадав, лъимадул гIадаб хасияталъул

РЕВ *м* 1) гIергIери, гIергIеди 2) кIудияб гьаракьалъ (гьаракь биччан) гIоди

РЁВА *м, ж разг.* гIодухъан, гIодухъвата

РЕВА́НШ *м* рецIел, къисас (*рагъда яги щибниги хIалаго къураб мехалъ*); **взять ~** рецIел босизе

РЕВАНШИ́ СТ *м* рецIелалъе къеркьолев чи, рецIелчи

РЕВАНШИ́СТСКИЙ, -ая, -ое рецIел босиялъул; рецIелчилъиялъул

РЕВЕ́//ТЬ *несов.* 1) гIергIедизе (*о животных*) 2) (*громко петь, кричать)* гIасизе гьаркьал гьаризе (*кечI ахIулаго я кIалъалаго*), гIергIедизе 3) (*громко плакать*) гьаракь биччан гIодизе

РЕВИЗИОНИ́ ЗМ *м* 1) *полит.* ревизионизм (*Марксил гIелмудул экономикиял, политикиял ва философиял революциялъулал кьучIазул ревизия гьабизе кколилан абулеб течение*) 2) *кинаб бугониги* теориялъул, гIелмуялъул ревизия гьабизе кколилан лъугьараб течение (чвахи)

РЕВИЗИОНИ́ СТ *м* ревизионист (*ревизионизмалъул рахъ ккурав чи*)

РЕВИЗИОНИ́ СТСК//ИЙ, -ая, -ое ревизионистасул; ревизионизмалъул; **~ая кри́ тика** ревизионизмалъул критика

РЕВИЗИО́НН//ЫЙ, -ая, -ое ревизиялъул, ревизиялъулаб, ревизия гьабулеб; **~ая коми́ ссия** ревизиялъул комиссия

РЕВИ́ ЗИЯ *ж* 1) (*обследование*) ревизия (*кинаб бугониги иш битIун гьабун бугищали балагьи*) 2) (*пересмотр теории*) ревизия (*кинаб бугониги гIелму, теория хисизабизе мурадгун гьелда тIад хIалтIи гьаби*)

РЕВИЗОВА́ТЬ *сов. и несов. кого-что (обследовать, пересмотреть*) ревизия гьабизе, цIидасан хал гьабизе

РЕВИЗО́Р *м* ревизор, ревизия гьабулев чи

РЕВКО́М *м (революционный комитет) ист.* ревком (*революциялъулаб комитет*)

РЕВМАТИ́ ЗМ *м* гьуразул унти, онод (*диал.*)

РЕВМА́ТИК *м* гьуразул унти ккарав чи

РЕВМАТИ́ ЧЕСКИЙ, -ая, -ое гьуразул унтул

РЕВНИ́ ВЫЙ, -ая, -ое щакдарулев (*чIужуялда*); жахIда бугев

РЕВНОВА́ТЬ *несов. кого к кому* щакдаризе

РЕ́ВНОСТНЫЙ, -ая, -ое цIакъ хIаракат бугев (*бахъулев*), тIад чIун иш гьабулев

РЕ́ВНОСТЬ *ж* щакдари (*рос-лъадуда гьоркьоб*), жахIда

РЕВОЛЬВЕ́Р *м* таманча (*патронал сверулеб къолода жанир лъолеб*); **вы́ стрелить из ~а** танчица кьвагьизе (*речIчIизе*)

РЕВОЛЬВЕ́РНЫЙ, -ая, -ое танчил, таманчадул

РЕВОЛЮЦИОНЕ́Р *м* 1) революционер (*революциялъе къеркьолев чи*) 2) кIудиял хиса-басиял гьарурав, цIиял жал рагьарав чи; **~ в нау́ке** гIелмуялда революция гьабурав чи

РЕВОЛЮЦИОНЕ́РКА *ж* революционерка

РЕВОЛЮЦИОНИЗИ́ РОВАТЬ *сов. и несов.* 1) *кого-что* революциялъул идеяби тIиритIизаризе; революциялда гьоркьоре цIазе 2) *что (изменять)* кьучIдасанго хисизабизе

РЕВОЛЮЦИО́НН//ЫЙ, -ая, -ое революциялъул, революциялъулаб; **~ая борьба́** революциялъулаб къеркьей; **~ое рабо́чее движе́ние** хIалтIухъабазул революциялъулаб багъа-бачари

РЕВОЛЮ́ЦИЯ *ж в разн. знач.* революция; обществоялъул социалиябгун экономикияб гIуцIиялда кколеб кIудияб беки, хиса-свери; гIелмуялда, техникаялда ва гь.ц. ккараб кIудияб хиси, беки; хиса-свери, инкъилаб; **Вели́кая Октя́брьская Социалисти́ческая** ~ КIудияб Октябралъул Социалистияб революция; **нау́чно-техни́ ческая ~** гIелмиябгун техникияб революция

РЕВЮ́ *с нескл.* ревю (*батIи-батIиял бутIабаздасан гIуцIараб театралияб представление*)

РЕГА́ЛИ//И *мн.* (*ед.* **рега́лия** *ж*) *уст. разг.* 1) медаль-килас; **яви́ться во всех ~ях** кинабго медаль-киласги бан вачIине 2) монархазул таж, гIанса 3) *сундуениги бугеб* пачалихъияб ихтияр

РЕ́ГБИ *с нескл. спорт.* регби (*футбол хIаялъул цо къагIида, тайпа*)

РЕГЕНЕРА́ЦИЯ *ж* 1) гIадамасул жагъаллъарал лугбал цIилъун рачIин 2) хIалтIизарурал продуктаби цIидасан къачIай

РЕ́ГЕНТ *м* регент (1 *полит. заманалъ пачалихъалъе бе-тIерлъи гьабулев, пачаясул бакIалда тарав чи;* 2 *килисаялда хоралъул бетIер (дирижер)*

РЕГИО́Н *м* экономикаялъулгун географиялъул хаслъабазе гIоло чанго область, чанго улка цолъизабураб гIатIидаб, кIудияб район

РЕГИОНА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое регионалияб, регионалъулаб (*цо чIараб бакIалда, районалда, областалда хурхараб*); **~ый пакт** регионалияб къотIи-къай

РЕГИ́СТР *м* 1) (*список, указатель*) *щибниги жо хъвараб* список; **~ книг и журна́лов** тIахьазул ва журналазул список 2) *муз.* гьаркьал зири ва кутаклъи 3) *тех.* регистр (*батIи-батIиял машинабазда гьезул бутIаби рекъезарулеб ва иш бикьулеб алат):* **~ пи́шущей маши́нки** хъвадарулеб машинаялъул регистр (*клавишал*)

РЕГИСТРА́ТОР *м* хъвай-хъвагIай гьабулев, хIисабалде (учеталде) росулев чи

РЕГИСТРА́ТОРША *ж* хъвай-хъвагIай гьабулей, хIисабалде (учеталде) росулей гIадан

РЕГИСТРАТУ́ РА *ж* регистратура (*учреждениялъул (идараялъул) хъвай-хъвагIай гьабулеб, хIисабалде* (*учеталде*) *росулеб* (*лъолеб*) *отдел)*

РЕГИСТРАЦИО́ННЫЙ, -ая, -ое регистрациялъулаб, регистрациялъул, хIисабалде, учеталде росиялъул

РЕГИСТРА́ЦИЯ *ж* 1) (*по гл.* **регистри́ровать**) хIисабалде роси (учет гьаби, хъвай-хъвагIай гьаби 2) (*по гл.* **регистри́роваться**) учеталда лъей, ригьин гьаби (*ригьнаде лъу-гьиналъул документ гьаби*)

РЕГИСТРИ́РОВАТЬ *несов. кого-что в разн. знач.* хъвай-хъвагIай гьабизе, хIисабалде (*учёталде*) росизе; ~ **прибыва́ющих** тIаде рачIунезул хъвай-хъвагIай гьабизе; ~ **изменéния температу́ры** хинлъи-цIорояльул хиса-басиял хъвазе, хIисабалде росизе; ~ **а́кты граждáнского состоя́ния** гражданлъиялъул бугеб хIалалъул актазул хъвай-хъвагIай гьабизе

РЕГИСТРИ́ РОВАТЬСЯ *несов. в разн. знач.* 1) регистрация гьабизе (*жиндирго*) 2) загсалде ун, ригьин гьабизе

РЕГЛА́МЕНТ *м* регламент (1 *ишалъул, хIалтIул низам чIезабулеб устав, правилаби;* 2 *собрание, мажлис гьабизе (тIобитIи-зе) чIезабулеб низам);* **установи́ть** ~ регламент чIезабизе; **соблюда́ть** ~ регламенталда рекъон гьабизе

РЕГЛАМЕНТИ́РОВАТЬ *сов. и несов. что* чIезарурал правилабазе мутIигI гьаризе

РЕГЛА́Н *м* реглан (*ратIлил къвалал рекIун лъутIиялъул къагIида ва гьеб къагIидаялъ гьабураб ретIел*); **пальто́ -** ~ регланпальто

РЕГРЕ́СС *м* дагь-дагьккун нахъе ккей, гIодобе ккей

РЕГРЕССИ́РОВАТЬ *несов.* нахъе ккезе (*экономика, промышленность)*

РЕГУЛИ́РОВАНИЕ *с в разн. знач.* низамалде ккезаби, рекъезаби, нухда тIами; ~ **у́личного движе́ния** къватIазда хьвади рекъезаби; ~ **мото́ра** моторалъул хIалтIи рекъезаби

РЕГУЛИ́РОВАТЬ *несов. что* 1) (*упорядочивать*) низамалде ккезабизе, нухда тIамизе 2) (*мотор, ход машины и т.п.*) рекъезабизе

РЕГУЛИРО́ВКА *ж* (*по гл.* **регули́ ровать**) низамалде ккезаби, нухда тIами, рекъезаби

РЕГУЛИРО́ВЩИК *м* регулировщик, *щибниги* жо низамалде ккезабулев, рекъезабулев чи; ~ **у́личного движе́ния** къватIазда хьвади рекъезабулев чи

РЕГУЛИРО́ВЩИЦА *ж* регулировщица

РЕ́ГУЛЫ *мн. физиол.* хIайиз

РЕГУЛя́РНО *нареч.* зама-заманалда, тартибалда рекъон, жиндир гIужда

РЕГУЛя́РНОСТЬ *ж* низамалда, тартибалда рекъон букIин; ~ **движе́ния поезло́в** низамалда, жиндир заманалда поездал хьвади

РЕГУЛя́ РН//ЫЙ, -ая, -ое низамалда лъугьунеб, тартибалда рекъон букIунеб, алхинчIого жиндир гIужда букIунеб; **~ая а́рмия** чIезабураб рагъулаб организацияги бугеб, гьоркьоса къотIичIого рагъуе хIадурлъиги гьабулеб армия

РЕГУЛя́ТОР *м* регулятор (1 *щибниги рекъезабулеб, низамалде ккезабулеб жо;* 2 *тех. машина ва гьелъул бутIабазул хIалтIи рекъезабулеб алат)*

РЕДАКТИ́РОВАТЬ *несов. что* 1) (*подвергать обработке текст*) текстальул хал гьабизе, гьелда тIад хIалтIи гьабизе 2) редакторлъи гьабизе

РЕДАКТИ́ РОВАНИЕ *с* 1) (*обработка текста*) текст кьачIай 2) (*руководство изданием чего-л.)* редакторлъи гьаби

РЕДА́КТОР *м* редактор; **гла́вный ~** бетIерав редактор; **литерату́рный ~** литературияв редактор

РЕДА́КТОРСК//ИЙ, -ая, -ое редакторасул, редактор- лъиялъул; **~ие обя́ занности** редакторасда тIадал ишал

РЕДАКЦИО́НН//ЫЙ, -ая, -ое редакциялъулаб, редакциялда хурхараб; **~ая рабо́та** редакциялъулаб хIалтIи

РЕДА́КЦИ//Я *ж* 1) (*по гл.* **редакти́ровать**) печаталде кьезелъун хъвараб текст цIалун кьачIай, басмаялда бахъизе текст хIадур гьаби 2) (*вариант какого-л. произведения*) текстальул кинаб бугониги вариант; **но́вая ~я рома́на** романалъул цIияб вариант, редакция 3) (*руководство изданием*) басмаялда бахъулелъе редакторлъи гьаби; **уче́бник под ~ей профе́ссора** профессорасул редакторлъиялда гъоркь бахъулеб цIалул тIехь 4) (*формулировка*) пикру хъвараб кьагIида, форма 5) (*помещение*) редакция, редакциялъул мина́; **вы́ йти из ~и** редакциялдаса къватIиве ине 6) (*коллектив работников*) редакциялъул хIалтIухъаби; **гла́вная ~я** бетIераб редакция

РЕДЕ́//ТЬ *несов.* лъедерлъизе; **во́лосы ~ют** рас лъедерлъулеб буго; **на́ши ряды́ ~ют** нилъер кьерал лъедерлъулел руго (нилъ дагьлъулел руго)

РЕДИ́ С *м,* **реди́ ска** *ж* редиска

РЕ́ДК//ИЙ, -ая, -ое 1) (*нечастый, негустой*) лъедераб; **~ие во́лосы** лъедераб рас; **лес стал ~им** рохь лъедерлъун буго 2) (*мало встречающийся*) кьанагIатаб, нагагьаб, надираб; **~ая кни́га** кьанагIатаб тIехь; **~ий гость** нагагь-надир гурони ваккуларев гьобол 3) (*исключительный*) тIасан ккараб, кутакаб; ~**ая красота́** тIасан ккараб, кутакаб берцинлъи, кьанагIат гурони букIунареб берцинлъи; **~ий го́лос** кьанагIат гурони букIунареб (*данде чIваларе*б) гьаракь

РЕДКОЛЛЕ́ГИЯ *ж* редколлегия (*редакционная коллегия*) *газетал, журналал риччалеб хIалтIухъабазул коллектив*)

РЕ́ДКОСТНЫЙ, -ая, -ое кьанагIат гурони дандчIвалареб

РЕ́ДКОСТЬ *ж* 1) лъедерлъи 2) (*редкая вещь*) кьанагIатаб жо 3) (*редкостное явление*) нагагь-надир гурони кколареб лъугьабахъин ◊ **на ре́дкость** *разг.* цIакъ, кутакалда; **на ре́дкость краси́вый** цIакъ берцинаб, кутакалда берцинаб

РЕДУ́КЦИЯ *ж* 1) *тех.* багъа-бачариялъул, хIалуциналъул гуч дагьлъи; ~ **давле́ния па́ра** хIохьлал тIадецуй дагьлъи 2) *лингв.* редукция *(удареняльда гъоркь гьечIеб механъ рагьарал гьаркьал загIиплъи)*

РЕДУЦИ́РОВАНН//ЫЙ, -ая, -ое *лингв.* удареняльда гъоркь гьечIолъиялъ гьаркьилаб загIиплъи ккараб (*рагьараб гьаракьалъе*); **~ые гла́сные** гьаркьилаб загIиплъи ккарал рагьарал гьаркьал

РЕДУЦИ́РОВАТЬ *сов. и несов.* абиялъулъ загIиплъи ккезабизе (*рагьараб гьаракьалъе*)

РЕДУЦИ́ РОВАТЬСЯ *сов. и несов.* 1) *биол.* гьитIинлъизе яги тIубанго хвезе 2) *тех.* гIодобе ккезе (*газалъул, лъамалъиялъул тIадецуй*)

РЕ́ДЬКА *ж* талган

РЕЕ́СТР *м* реестр, сияхI, список

РЕ́ЖЕ *сравн. ст. от* **ре́дкий, ре́дко**

РЕЖИ́М *м* 1) (*государственный строй*) режим, пачали-хъалъул низам, хIакимлъи хьвадизабиялъул къагIида; **ца́рский ~** пачаясулаб режим 2) (*распорядок чего-л.*) режим: ~ **пита́ния** квана-гьекъеялъул режим; **~ больно́го** унтарасе чIезабураб режим; **~ шко́льников** цIалдохъабазул режим; **~ эконо́мии** цIуна-къаялъул режим 3) (*условия*) шартIал; **~ хране́ния семя́ н** хьонал цIуниялъул шартIал

РЕЖИССЁР *м* режиссер (*театралда, киноялда спектакль хIадур гьабиялъул ишалъе бетIерлъи гьабулев чи*)

РЕЖИССЁРСТВО *с* режиссёрлъи

РЕЖИССУ́РА *ж* 1) (*постановка спектакля, фильма*) спектакль, фильм лъей 2) (*работа режиссёра*) режиссерлъи 3) *собир.* режиссерал

РЕ́ЖУЩИЙ, -ая, -ее *щибниги жо* къотIулеб; ~ **инструме́нт** къотIулеб алат; (*о боли*) къотIулеб гIадаб; пирхараб, берал рухIизарулеб (*о свете*)

РЕЗА́К *м* 1) *(большой нож)* кIудияб нус; къотIаро 2) боцIи хъолев чи

РЕЗА́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое къотIарулеб; ~ **стано́к** къотIарулеб станок

РЕ́ЗАТЬ *несов.* 1) *кого-что* къотIизе, къунцIизе; ~ **сыр** хIан къотIизе; ~ **во́лосы** рас къунцIизе 2) (*зарезать*) хвезе; ~ **бара́на** куй хвезе 3) *что, по чему, на чем (наносить рисунок, гравировать*) бикIизе, бикIун накъиш гьабизе 4) *что* гьорлъе ун унтизабизе; **верёвка ре́жет ру́ку** кварица квер унтизабулеб (*къотIизабулеб гIадин*) буго 5) *что (причинять боль*) унтизабизе, хIунсизе; **у меня́ ре́жет в пра́вом боку́** дир кваранаб хьолболъ хIунсулеб буго; **свет ре́жет глаза́** канлъиялъ берал рухIизарулел руго; **го́лос ре́жет слух** гьаркьица гIиндамес бакъвазабулеб буго

РЕ́ЗАТЬСЯ *несов.* 1) (*поддаваться резанию на части*) къотIун ине, къунцIун ине 2) *разг. (о зубах)* раккизе; **у ребёнка ре́жутся зу́бы** лъимадул цаби раккулел руго ◊ ~ **в ка́рты** шавкъ щун кагътал хIазе

РЕЗВИ́ТЬСЯ *несов.* гIанчIлъизе, доре-гьанире ортанхъун расандизе

РЕ́ЗВОСТЬ *ж* 1) (*живость*) тулаклъи, лебаллъи 2) (*скорость*) тирилъи, хехлъи

РЕ́ЗВЫЙ, -ая, -ое 1) (*живой*) чIагояб; чIезе кIоларе6; хехав, тирияв; **~ ребёнок** тирияб лъимер 2) (*быстрый в беге*) хех бекерулеб, хехаб; **ре́звые ко́ни** хехал чуял

РЕЗЕ́РВ *м* 1) (*источник сил, средств*) къваригIараб мехалъ *батизе тараб* нахърател; **~ы произво́дства** производствояльул резервал 2) *фин.* накъраталил фонд 3) (*запас*) резерв, нахъе тараб жо, нахърател 4) *воен.* начальникасул ихтияралда тараб аскар; къваригIараб мехалъ бакIаризе тараб аскар 5) *перен.* цIияб гуч, цIияб кумек

РЕЗЕРВА́ЦИЯ *ж* (Америкаялда, Австралиялда) хIал гьабун цебего гьениб букIараб халкъ гочинабурал бакIал

РЕЗЕРВИ́РОВАТЬ *сов. и несов. кого-что* нахъе тезе, резервалъе цIунизе

РЕЗЕРВИ́СТ *воен. м* резервист (*резервалда, запасалда вугев аскарияв*)

РЕЗЕ́РВН//ЫЙ, -ая, -ое резервалъулаб, резервалда тараб; **~ый фонд** резервалъулаб фонд; **~ые войска́** резервалда ругел аскарал

РЕЗЕРВУА́Р *м* резервуар (*лъамалъи яги газ цIунулеб бакI*); **~ для бензи́на** бензин тIолеб кIудияб къали

РЕЗЕ́Ц *м* 1) (*инструмент*) *щибниги жо* къотIулеб алат; алаталъул къотIарулеб бутIа (*нус*) 2) (*зуб*) цебеса ца

РЕЗИДЕ́НТ *м* 1) резидент (*даражаялъул рахъалъ посланникасдаса гъоркьехунисев дипломатияв вакил*) 2) цо пачалихъалда даимго чIарав цоги пачалихъалъул гражданин 3) балъгояб разведкаялъул къватIисеб улкаялда вугев вакил, жасус

РЕЗИДЕ́НЦИЯ *ж* резиденция (*пачалихъалъул хIукумат я гьелъул бетIер вукIунеб бакI*)

РЕЗИ́НА *ж* резина, резен

РЕЗИ́НКА *ж* 1) (*для стирания*) резинка 2) резиналъул чIоло

РЕЗИ́НОВ//ЫЙ, -ая, -ое 1) резиналъул; **~ый мяч** резиналъул торгIо 2) *перен. (двусмысленный*) бокьаралъубе цIалеб, цIазе бегьулеб; **~ая резолю́ция** бокьаралъубе цIазе бегьулеб (*бокьухъе бичIчIизе бегьулеб*) резолюция

РЕ́ЗКА *ж* (*по гл.* **ре́зать**) къо́тIи

РЕ́ЗК//ИЙ, -ая, -ое 1) (*сильный*) кутакаб, гучаб, кьварараб; **~ хо́лод** кьварараб квач; **~ ве́тер** кутакаб гьури; **~ий свет** кутакаб канлъи 2) (*внезапный*) тохлъукье, циндаго ккараб; **~ие измене́ния пого́ды** гьава-бакъалъул циндаго ккколел хисаби 3) (*грубый, неучтивый*) хъачIаб; **~ый отве́т** хъачIаб жаваб; **~ий го́лос** зунараб гьаракь 4) (*отчетливый, выделяющийся*) цогидаздаса батIалъулеб; **~ие кра́ски** цогидаздаса кьерал рихьулел краскаби

РЕ́ЗКОСТ//Ь *ж* кьвари, кутаклъи, хъачIлъи, зуни; **говори́ть ~и** хъачIго кIалъазе

РЕЗН//О́Й, -ая, -ое къотIун, бикIун гьабураб; **~ой узо́р** бикIун гьабураб расен

РЕЗНЯ́ *ж (кровопролитие)* хъвехъи, гъури, вахIшиго биял гIодоре тIей

РЕЗОЛЮ́ЦИ//Я *ж* 1) (*решение*) резолюция, данделъиялъ гьабураб хIукму 2) (*письменное заключение*) резолюция (*мIад вугес, гIарзаялда мIад хъван, гьабураб буюрухъ*); **наложи́ть ~ю** резолюция лъезе

РЕЗО́Н *м* гIакълияб кьучI, магIна; далил, хIужжа; **нет никако́го ~а так де́лать** гьедин гьабизе кинаб букIаниги хIужжа гьечIо

РЕЗОНА́НС *м* 1) (*явление усиления колебаний*) резонанс (*гьаракь, лъикI рекъон, данде багъи*; **в э́том за́ле хоро́ший ~** гьаб залалда лъикIаб резонанс буго (*гьаракь лъикI рагIулеб буго*) 2) (*отзвук*) дандерижи 3) *перен.* рекъонккей, дандеккей

РЕЗОНА́ТОР *м физ., тех.* резонатор (*жинда жаниб резонанс лъугьине бегьулеб предмет яги система*)

РЕЗОНЁР *м* насихIаталъул ва гIакълу-лъаялъул халатал харбал рицине бокьулев чи, чIамучIго цогидазе гIакълу-насихIатал кьолев чи

РЕЗОНЁРСТВОВАТЬ *несов.* насихIат гьабун, гIакълу малъун, халат гаргадизе ва чIалгIинабизе

РЕЗОНИ́РОВАТЬ *несов. (произвести резонанс*) кутаклъизе (*гьаракь*), резонанс кьезе

РЕЗО́НН//ЫЙ, -ая, -ое *разг.* кьучI бугеб, хIужжа бугеб, магIна бугеб; цIодораб, дурусаб; **~ые отве́ты** кьучIал жавабал; **~ое замеча́ние** битIараб бадибчIвай

РЕЗУЛЬТА́Т *м в разн. знач.* хIасил; **~ы ко́нкурса** къецалъул хIасилал ◊ **в ~е** (гьелъул) хIасилалда, ахиралда

РЕЗУЛЬТАТИ́ВНЫЙ, -ая, -ое хIасил кьолеб, хIасил бугеб, хIасил кколеб

РЕЗЦЫ́ *мн.* цересел цаби

РЕ́ЗЧЕ *сравн. ст. от* **ре́зкий, ре́зко**

РЕ́ЗЧИК *м* 1) цIулада, ганчIида бикIун накъищал рахъулев устар 2) тIагIелалъул ва машинаялъул къотIарулеб бутIа, къотIаро

РЕ́ЗЧИЦА *ж женск.* к **ре́зчик**

РЕЗЬ *ж* хIунсулеб унти; **~ в желу́дке** кванирокъоб хIунсулеб унти

РЕЗЬБА́ *ж* **1.** (*по гл.* **ре́зать**) бикIун накъищ бахъи 2. (*рисунок, узор*) къотIун, бикIун бахъараб сурат, накъищ 3. *тех.* резьба (*жанисеб, къватIисеб; гIисинаб, чIахIияб*)

РЕЗЮМЕ́ *с нескл.* бицараб я хъвараб жоялъул къокъаб хIасил; **~ докла́да** докладалъул къокъаб хIасил

РЕЗЮМИ́РОВАТЬ *сов. и несов. что* бицараб, хъвараб жоялъул къокъаб хIасил гьабизе

РЕЙД[1] *м мор.* рейд *(порталда яги гьелда гIагарлъухъ, лангарги рехун, гама чIолеб бакI*

РЕЙД[2] *м* 1) *воен.* рейд (*рекIараб аскар яги техника тушманасул мугъзада нахъасан тIаде кIанцIи*) 2) *перен. (ревизия, обследование*) тохлъукье гьабулеб ревизия, халгьаби

РЕ́ЙДОВ//ЫЙ[1]**,** -ая, -ое *мор.* рейдалъулаб, рейдалъе бугеб; **~ая стоя́нка** рейдалда чIей

РЕ́ЙДОВ//ЫЙ[2]**,** -ая, -ое рейдалъулаб, рейдалъул, тохлъукье гьабулеб; **~ая брига́да** рейдалъулаб бригада, рейдал гьаризе бугеб бригада

РЕ́ЙКА *ж* 1) (*доска*) рейка, чIедераб, тIеренаб хъарши 2) (*брусок с делениями)* рейка, роцадул рейка; **землеме́рная ~** ракь борцунеб рейка; **водоме́рная ~** лъим борцунеб рейка

РЕЙС *м* рейс; **возду́шные ~ы** гьаваялдасан рейсал; **соверша́ть ~ы** рейсал гьаризе

РЕ́ЙСОВЫЙ, -ая, -ое рейсалъул, рейсалъулаб; **~ авто́бус** рейс гьабулеб автобус, рейсалъул(аб) автобус

РЕЙТУ́ЗЫ *мн.* рейтузал (*руччабазул яги лъималазул хьухьун гьарурал халатал тIад къарал тIажал*)

РЕЙХСТА́Г *м* рейхстаг (*1945 соналде щвезегIан Германиялда букIараб парламент*; *гьеб парламент жаниб хIалтIулеб букIараб кIалгIа (мина)*

РЕК//А́ *ж* гIор; **~а вы́шла из берего́в** гIор щун буго, гIор кIанцIун буго (*хурзабахъе*) ◊ **~и кро́ви лью́тся на войне́** рагъда бидул гIорал тIола (*цIакъ гIемераб би тIола*)

РЕ́КВИЕМ *м муз.* реквием (1 *католиказул хвараже гьабулеб дугIа-как;* 2 *чи хвараллъуб бачунеб пашманаб музыка*)

РЕКВИЗИ́ РОВАТЬ *сов. и несов. кого-что* реквизиция гьабизе

РЕКВИЗИ́Т *м театр.* реквизит (*кино бахъулелъул яги театралда хIалаго, артистазе къваригIунел киналго предметал*)

РЕКВИЗИ́ЦИЯ *ж* реквизиция гьаби (*пачалихъалъул органаз гражданазул бугольи хIалица бахъун яги мухьги кьун хIалтIизаби)*

РЕКЛА́МА *ж* 1) реклама (*къайи бичун ине, гьеб бецIун, халкъалда бихьулеб бакIалда лъун, гьабулеб иш*) 2) реклама *(гьелъул хIакъалъулъ хъвараб лъазаби, плакат)*

РЕКЛАМА́ЦИЯ *ж торг.* рекламация (*хашаб къайиялда тIасан ккараб зарал бецIизелъун гьабураб гIарз*)

РЕКЛАМИ́РОВАТЬ *сов. и несов.* 1) *кого-что* реклама гьабизе, реклама кьезе 2) *кого-что разг. (восхвалять)* бецIизе (*къадру-къимат цIикIкIинабизелъун*)

РЕКЛА́МНЫЙ, -ая, -ое рекламаялъулаб

РЕКОГНОСЦИ́РОВАТЬ *сов. и несов. что* рекогносцировка гьабизе, разведка, цIех-рех гьабизе

РЕКОГНОСЦИРО́ВКА *ж воен.* рекогносцировка (*командирас рагъда цебе тушманасул яги бакIалъул хIакъалъулъ гьабулеб разведка, цIех-рех*)

РЕКОМЕНДА́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое рекомендациялъулаб, рекомендация гьабулеб; лъикIаб рахъ, къимат жаниб бихьизабураб; **~ое письмо́** рекомендациялъул(аб) кагъат, рекомендация гьабулеб кагъат

РЕКОМЕНДА́ЦИЯ *ж* **1.** рекомендация (*лъикIаблъун бихьизаби*) **2**. (*по гл.* **рекомендова́ть**) рекомендация кьей **3**. (*совет*) гIакълу; **я тебе́ рекоменду́ю, тебе́ мой сове́т** дуе дир гIакълу *(буго)*

РЕКОМЕНД//ОВА́ТЬ *сов. и несов.* 1) *кого-что (дать отзыв)* рекомендация кьезе, лъикIаб къимат кьезе 2) *что и неопр. (советовать)* лъикIаблъун бихьизабизе, гIакълу кьезе; **~ую прочита́ть э́ ту кни́ гу** гьаб тIехь цIалеян гIакълу кьола (*дица*)

РЕКОМЕНДОВА́ТЬСЯ *сов. и несов. (при знакомстве*) *лъай-хъвай гьабулаго* цIар, фамилия бицине

РЕКОНСТРУ́И РОВАТЬ *сов. и несов. что* 1) (*переустроить)* хисизабун цIидасан гIуцIизе; **~зово́д** завод хисизабун цIидасан гIуцIизе 2) (*восстановить) щибниги жо* тIоцебе букIараб хIалалде, рукIалиде ккезабун къачIазе, гIуцIизе; **~ па́мятники архитекту́ры** архитектураялъул памятникал цIидасан (*цIи гьарун*) къачIазе

РЕКОНСТРУ́ КЦИЯ *ж* (*по гл.* **реконструи́ровать**) хисизабун цIидасан гIуцIи, бай, гьаби; **~ наро́дного хозя́йства** халкъияб магIишат цIидасан гIуцIи

РЕКО́РД *м* рекорд, чIел боси (*спорталда я хIалтIулъ бищун тIадегIанаб хIасил*); **поста́вить но́вый ~** цIияб рекорд чIезабизе; **поби́ть ~** *лъилниги* рекордалдаса цIикIкIине, цIияб рекорд чIезабизе; **~ вынóсливости** къохIехьеялъул бищунго тIадегIанаб даража

РЕКОРДИ́СТ *м (о домашнем животном*) *цогидазда данде ккун,* жиндир рекордалъулал хIасилал (*рахь, цIайи ва гь.ц.*) ругеб хIайван

РЕКО́РДНЫЙ, -а, -ое рекодалъул(аб), рекордияб, бищун тIадегIанаб даражалъул; **в ~ срок зако́нчить рабо́ту** бищунго къокъаб заманалда хIалтIи лъугIизабизе

РЕКОРДСМЕ́Н *м* рекордсмен (*рекорд чIезабурав спортсмен*)

РЕКОРДСМЕ́НКА *ж* рекордсменка (*рекорд чIезабурай спортсменка*)

РЕ́КРУТ *м ист. некIо Россиялда* солдатлъун вачарав чи

РЕ́КТОР *м* ректор (*тIадегIанал цIалул заведениязул нухмалъулев*); **~ университе́та** университеталъул ректор

РЕКТОРА́Т *м* ректорат (*ректорас бетIерлъи (нухмалъи) гьабулеб административиябгун цIалул ишазул управление*)

РЕЛЕ́ *с нескл. эл.* реле (*ток биччалеб яги къотIизабулеб автоматикияб алат (прибор*)

РЕЛИГИО́ЗН//ЫЙ, -ая, -ое динияб, диналъул, дин гьабулеб; **~ые обря́ ды** диниял гIадатал; **~ый челове́к** динияв чи

РЕЛИ́ ГИЯ *ж* дин; **мусульма́нская ~** бусурман дин

РЕЛИ́КВИЯ *ж* реликвия (*жиндир хIурмат гьабулеб, цебе араб ракIалде щвезабизе цIунараб предмет (щибниги жо*)

РЕЛИ́ КТ *м* некIсиял гIасрабазул хутIелал

РЕЛЬЕ́Ф *м* 1) (*изображение на плоскости*) рельеф (*сундулниги тIаде цIутIизабун гьабураб куц, сурат*) 2) *геогр.* рельеф (*ракьул тIасияб рахъалъул гIуцIи: гохIал, щобал, мугIрул, кIкIалал...*)

РЕЛЬЕ́ФН//ЫЙ, -ая, -ое 1) тIаде цIутIараб, къватIибе цIутIараб; **~ые бу́квы** тIаде цIутIизарун хъварал хIарпал 2) *перен.* баянаб, загьираб, лъикI бихьулеб

РЕЛЬС *м* рельс (*маххул нухда поездалъул гьакал тIасан гирулеб*) ◊ **поста́вить что-л. на ~ы** нухда тIамизе (*иш*), рекъезабизе

РЕ́ЛЬСОВЫЙ, -ая, -ое рельсазул, рельсазулаб; **~ путь** рельсазул нух

РЕЛЯ́ ЦИЯ *ж* реляция (*рагъул иш унеб бугеб хIал бищун аскаралъул бетIерас хъвалеб баян*)

РЕМА́РКА *ж* 1); бадибчIвай; бихьизаби, ишара 2) *театр.* ремарка (*авторас пьесалъул текстalда тIаде кьураб баян*)

РЕМЕ́НЬ *м* 1) рачел 2) гIарщ 3) хьвацIил чIоло

РЕМЕ́СЛЕННИК *м* **1.** ремесленник, пишачи, махшелчи **2**. жиндирго ургъун бахъараб жо гьечIев, гIадатлъун билълъараб куцалда квалквадулев вукIунев чи **3**. ремесленное училищеялъул цIалдохъан

РЕМЕ́СЛЕННЫЙ, -ая, -ое пишачилъиялъулаб, пишачи-лъиялда бухъараб; **реме́сленное учи́лище** махшелалъе, устар-лъиялъе куцалеб училище, ремесленное училище

РЕМЕСЛО́ *с* пиша, махшел, устарлъи; **сапо́жное ~** хьитазул устарлъи

РЕМЕШО́К *м уменьш. от* **реме́нь**

РЕМИЛИТАРИЗА́ЦИЯ *ж* пачалихъ цIидасан яргъид гIуцIи

РЕМИЛИТАРИЗИ́РОВАТЬ *несов.* цIидасан яргъид гIу-цIизе; цебеккун гьукъун букIараб бакIалда цIидасан рагъу-хъанлъи, аскар, ярагъ хIалтIизабизе

РЕМО́НТ[1] *м* ремонт, къачIай; **~ кварти́ ры** рукъалъул ремонт

РЕМО́НТ[2] *м* 1) *воен.* тIаса аразул бакIалда аскаралъе чуял роси 2) *с.-х. (пополнение стада*) рехьед дагьлъичIого букIине гIолохъанал хIайванал гIезари

РЕМОНТИ́РОВАТЬ[1] *сов. что* ремонт гьабизе, къачIазе; **~ шко́лу** школалъе ремонт гьабизе, школа къачIазе

РЕМОНТИ́РОВАТЬ[2] *сов. и несов.* 1) тIаса аразул бакIалда тIаде чуял росизе (*аскаралъе*) 2) хIайванал гIемерлъизаризе (*гIисинал гIезарун*)

РЕМО́НТНИК *м* ремонт гьабулев чи

РЕМО́НТН//ЫЙ, -ая, -ое ремонталъул; **~ рабо́ты** ремонталъулал хIалтIаби; **~ая мастерска́я** ремонталъул (*ремонт гьабулеб*) мастерская

РЕНЕГА́Т *м* ренегат (*жиндирго идеязе, пикрабазе хилип-лъун, дандеязул рахъалдехун арав чи*)

РЕНЕССА́НС *м* 1) ренессанс (*Европаялда 15–16 веказда гIелму ва искусство цебе тIезе лъугьин*) 2) *гьеб заманалда бижараб* архитектурияб стиль – ренессанс

РЕ́НИЙ *м* рений (*хим. элемент, металл*)

РЕНКЛО́Д *м* ренклод (*чIахIияб гьуинаб тайпаялъул кокон*)

РЕ́НТА *ж эк.* рента (*капиталалдаса, боцIудаса, ракьалдаса, гьелъул бетIергьанасда захIмат бихьичIого даимго бачIунеб хайир, доход*); **земе́льная ~** ракьалдаса рента (*захIмат бихьи-чIого ракьалдаса щолеб хайир*)

РЕНТА́БЕЛЬНОСТЬ *ж* хайир буголъи

РЕНТА́БЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое (*доходный*) хайир бугеб, жинда тIад гьабураб харж бахъинабулеб

РЕНТГЕ́Н *м* **1.** рентген (*рентгеналъул чIорал кьолеб аппарат* **2**. рентгеналъул чIорал риччай, рентгеналда лъей; **сде́лать ~ лёгких** гьуърузул рентген гьабизе (*гьуърул рентгеналда лъезе*)

РЕНТГЕ́НОВ: ~ы лучи́ рентгеналъул чIорал

РЕНТГЕ́НОВСКИЙ, -ая, -ое рентгеналъул; **~ кабине́т** рентгеналъул кабинет

РЕНТГЕНО́ЛОГ *м* рентгенолог, рентгеналъул специалист

РЕНТГЕНОЛО́ГИЯ *ж* рентгенология (*рентгеналъул чIоразул ва гьел хIалтIизариялъул хIакъалъулъ гIелму*)

РЕНТГЕНОСКОПИ́Я *ж* рентгеноскопия (*рентгеналъул чIорал риччан, балагьи*)

РЕНТГЕНОТЕРАПИ́Я *ж* рентгеналъул чIораздалъун дару гьаби

РЕОРГАНИЗА́ЦИЯ *ж* цIидасан гIуцIи

РЕОРГАНИЗОВА́ТЬ *сов. и несов. что* цIидасан гIуцIизе

РЕОРГАНИЗО́ВЫВАТЬ *несов. см.* **реорганизова́ть**

РЕОСТА́Т *м* реостат (*токалъул гуч рекъезабулеб алат*)

РЕ́ПА *ж* талган

РЕПАРА́ЦИЯ *ж* рагъул рецIел (*рагъда бергьараб пачали-хъалъ къуралдаса бахъулеб рецIел*)

РЕПАТРИА́НТ *м* жиндирго аслияб ватIаналде тIад вуссарав чи

РЕПАТРИА́НТКА *женск. к* **РЕПАТРИА́НТ**

РЕПАТРИА́ЦИЯ *ж* жидерго аслияб ватIаналде тIад руссин

РЕПАТРИИ́ РОВАТЬ *сов. и несов. кого* жиндирго ватIаналде тIад вуссинавизе

РЕПАТРИИ́ РОВАТЬСЯ *сов. и несов.* жиндирго ватIаналде тIад вуссине, тIад вуссун вачIине

РЕПАТРИ́РОВАНН//ЫЙ, -ая, -ое жиндирго ватIаналде тIад вуссун вачIарав; ватIаналде тIад вуссинавурав

РЕПЕ́Й, РЕПЕ́ЙНИК *м* тIетIело (тIетIели)

РЕПЕРТУА́Р *м* 1) театралда лъезе ругел киналго пьесаби, музыкалиял асарал 2) (*совокупность исполняемых кем-л. ролей, музыкальных произведений*) *лъицаниги* хIазе ругел ролал

РЕПЕТИ́РОВАТЬ *несов.* репетиция гьабизе, гьабизе бугеб ишалъе, цереккун ругьун гьарун, хIадурлъи гьабизе

РЕПЕТИ́ТОР *м* репетитор (*цIалулъ нахъа хутIараб лъимадуе кумек гьабулев, рокъоб дарс малъулев учитель)*

РЕПЕТИ́ ЦИЯ *ж* репетиция (*гьабизе бугеб ишалъе цебеккун ругьун гьари*); **генера́льная** ~ тIарамагъадисеб аслияб репетиция

РЕ́ПЛИКА *ж* реплика (1 *данде къотIари, данде къотIун рехулеб жаваб;* 2 *театр. цо актерас, жиндирго роль лъугIулаго ва цогидав актер кIалъалалде абулеб тIарамагъадисеб калам, сценаялда актерасул жавабияб рагIи*)

РЕПОРТА́Ж *ж* репортаж (1 *репортерасул хIалтIи;* 2 *кинаб бугониги лъугьа-бахъиналъул хIакъалъулъ печаталде кьолеб лъазаби, информация*)

РЕПОРТЁР *м* репортёр (*газеталъе, журналалъе, радиоялъе бакIалъулаб материал бакIарулев чи*)

РЕПРЕССИ́ВНЫЙ, -ая, -ое жазаялъулаб, тамихIалъулаб; **~ые ме́ры** жазаялъулал тадбирал

РЕПРЕССИ́РОВАТЬ *сов. и несов. кого-что* жаза гьабизе, пачалихъиял органаз тамихI гьабизе

РЕПРЕ́ССИЯ *ж* жаза гьаби, пачалихъиял органаз тамихI гьаби

РЕПРОДУ́ КТОР *м* репродуктор (*радио*)

РЕПРОДУ́КЦИЯ *ж* 1) фотоаппараталъ яги клишеялъ сураталдасан копиял рахъи 2) *гьеб къагIидаялъ* бахъараб сурат

РЕПТИ́ЛИЯ *ж* гIодосан шурулел рухIчIаголъаби *(масала, борохь, чут, крокодил, щурункъверкъ*)

РЕПТИ́ ЛЬНЫЙ, -ая, -ое хIелхIедулеб, бичун босизе бегьулеб

РЕПУТА́ЦИЯ *ж* цIар, сий, къадру (*халкъалда гьоркьоб лъикIлъиялъул яги квешлъиялъул цIар бахъи*); **име́ть хоро́шую ~ю** лъикIаб къадру букIине; **он по́льзуется плохо́й ~ей** досул лъикIаб къадру гьечIо, гьесул цIар ун буго

РЕ́ПЧАТЫЙ, -ая, -ое талган гIадаб, чIинтIун гургинаб; ~ **лук** чIинтIакIопер

РЕСНИ́ ЦЫ *мн.* (*ед.* **ресни́ ца** *ж*) тIелхал

РЕСПЕКТА́БЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое (*почтенный, достойный*) адаб-хIурматалъе мустахIикъав, чIара-хьарав

РЕСПУ́БЛИКА *ж* республика; **сою́ зная** ~ союзияб республика

РЕСПУБЛИКА́НЕЦ *м* республиканец (*республикияб пачалихъалъул рахъ курав чи*)

РЕСПУБЛИКА́НСК//ИЙ, -ая, -ое *в разн. знач.* республикаялъулаб; республикаялъул; **~ая па́ртия** республикаялъул(аб) партия; **~ие учрежде́ния** республикаялъулал идараби

РЕССО́РА *ж* рессора, бутI (*гьоко, фаэтон дванкечIого букIине, гьакихIосазда тIад щула гьабураб чIинтIараб чармил бутI)*

РЕССО́РНЫЙ, -ая, -ое, бутIал ругеб, рессорал ругеб

РЕСТАВРА́ТОР *м* реставратор (*искусствоялъул басралъарал ва хун унел ругел жал (суратал ва ц.) къачIан чIаго гьаризе махшел бугев специалист, реставрация гьабулев чи*); **~ ста́рых карти́ н** басриял суратал къачIалев чи (реставратор)

РЕСТАВРАЦИО́НН//ЫЙ, -ая, -ое реставрацияльул, реставрацияльулаб; **~ая мастерска́я** реставрация гьабулеб мастерская

РЕСТАВРА́ЦИЯ *ж* реставрация (1 *революциялъ яризабураб режим чIаго гьаби;* 2 *басралъараб, харабльараб щибниги жо букIараб куцалда къачIай, чIаго гьаби*)

РЕСТАВРИ́ РОВАТЬ *сов. и несов. что* реставрация гьабизе, къачIан рукIалиде ккезабизе

РЕСТОРА́Н *м* ресторан

РЕСУ́РС *м* 1) рес; сурсатал; **испо́льзовать все ~ы** (*хIажалъи ккедал*) киналго сурсатал хIалтIизаризе, киналго ресаздаса пайда босизе 2) *мн.* **~ы** (*богатства, запасы*) буголъи, бечелъи, нахърателал

РЕТИ́ ВЫЙ, -ая, -ое хIаракат бугев, лебалав, жигар бугев, тирияв; ~ **рабо́тник** жигар бугев хIалтIухъан

РЕТИРОВА́ТЬСЯ *сов. и несов. (уйти, скрыться)* цевеса хъвазе, вахчизе, нахъе къазе; **незаме́тно** ~ лъаларедухъ (*вихьларедухъ*) цевеса хьвазе

РЕТУШЁР *м* ретушёр *(сурат, негатив тушалъ къачIалев чи)*

РЕТУШИ́ РОВАТЬ *сов. и несов. что* тушалъ къачIазе (*негативал, суратал)*

РЕ́ТУШЬ *ж* ретушь (*негатив яги сурат тушалъ къачакIamIай*)

РЕФЕРА́Т *м* реферат (*къокъго хъвараб яги бицараб тIехьалъул яги гIелмияб хIалтIиялъул хIасил*)

РЕФЕРЕ́НДУМ *м* референдум (*тIолго халкъалда гьикъи, цIехей*)

РЕФЕРЕ́НТ *м* референт (*хасал масъалабазул хIакъалъулъ доклад гьабулев, консультантлъун хъулухъалда вугев чи*); реферат цIалулев чи

РЕФЛЕ́КС *м* рефлекс (*къватIисан гьабураб асаралъе чIаго-яб организмалъул нервабаз жаваб кьей, реакция гьаби*); **услóвный** ~ бижизабураб, лъугьинабураб рефлекс; **безусло́вный** ~ организмаялда цадахъго бижулеб рефлекс

РЕФЛЕ́КТОР *м* рефлектор (1 *астр. цIвабзазухъ балагьулеб оптикияб алат;* 2 *электрикалъул чирахъги бугеб, гьелда нахъа канлъул чIорал нахъчIвалеб матIуги бугеб алат)*

РЕФЛЕ́КТОРНЫЙ, -ая, -ое рефлекторалъул; **~ое зе́ркало** рефлекторалъул матIу

РЕФЛЕКТО́РН//ЫЙ, -ая, -ое *физиол.* рефлексалъулаб, рефлексияб, рефлексалъ лъугьинабураб

РЕФО́РМА *ж* реформа (*щибниги жо лъикIлъизабизе гIоло цIидасан гIуцIи, хиси*); **де́нежная** ~ гIарцул реформа; **провести́ ~у** реформа гьабизе

РЕФОРМА́ТОР *м* реформатор, реформа гьабулев чи, реформачи

РЕФОРМИ́ ЗМ *м* реформизм (*революциялдаса жинца инкар гьабулеб, революцияб къеркьеялъул бакIалда, капитализмалъул обществоги цIунун, квершелги буржуазиялъухъ тун, реформаби гьаруни гIолилан рикIкIунеб политика*)

РЕФОРМИ́ РОВАТЬ *сов. и несов. что* реформа гьабизе, реформа гьабун хисизабизе

РЕФОРМИ́ СТ *м* реформист, реформизмалъул рахъ ккурав чи

РЕФОРМИ́СТСКИЙ, -ая, -ое реформистасулаб; реформа-ялъулаб

РЕФРИЖЕРА́ТОР *м* рефрижератор (1 *цIорозабулеб машинаялъул цо бутIа;* 2 *холодильник бугеб гама яги вагон*)

РЕХНУ́ ТЬСЯ *разг.* гьаглъизе, гIадаллъизе

РЕЦЕНЗЕ́НТ *м* рецензент, рецензия кьурав (хъварав) чи

РЕЦЕНЗИ́ РОВАТЬ *несов. что* рецензия кьезе (хъвазе)

РЕЦЕ́НЗИЯ *ж* рецензия (*щибниги хъвараб жояльe, концерталъе, кинофильмалъе критикияб къимат хъван кьей*); **~ на кни́ -гу** тIехьалъе рецензия

РЕЦЕ́ПТ *м* 1) рецепт; **вы́ писать** ~ рецепт хъвазе 2) *кул.* рецепт; ~ **ва́рки пи́ ва** пиво гьабулеб къагIида, гьелъие хIажалъулел жал

РЕЦИДИ́ В *м* такрарлъи (*нахъе-нахъеги лъугьин; цIилъун бачIин, нахъбуссин)*

РЕЦИДИВИ́СТ *м* рецидивист *(тIamIалаго гIемер цIогь ва квешлъи гьабурав чи*), гIемер цIогь гьабурав чи

РЕЦИДИВИ́СТКА *ж* рецидивистка, гIемер цIогь гьабурай гIадан

РЕЧЕВ//О́Й, -ая, -ое 1) каламалъул 2) кIалзул; кIалъаялъул; **~ой аппара́т** кIалъаялъул аппарат *(шекъер-мукъулукъ,мац1, к1ут1би, цаби)*

РЕ́ЧКА *ж* лъар

РЕЧН//О́Й, -ая, -ое гIурул, лъарал; **~ая рыʹба** гIурул чугIа; **~ые растéния** гIурулъ рижулел хурдул; **~ой парохóд** гIордасан хьвадулеб гама

РЕЧ//Ь *ж в разн. знач.* калам, гаргар, кIалъай; **развиʹтие ~и** каламалъул цебетIей; **ýстная ~ь** кIалзул калам; **рýсская ~ь** гIурус калам; **прáвильная ~ь** битIараб, гъалатI гьечIеб калам; **чáсти ~и** каламалъул бутIаби; **прямáя ~ь** битIараб калам; **произнестиʹ ~** кIалъай гьабизе; **слыʹшать ~ь** кIалъай рагIизе; **пустыʹ е ~и** чIобогояб хабар, гIададахабар; **~ь идёт о тебéˊ** дур хIакъалъулъ бицунеб буго; **членораздéльная ~ь** бичIчIулеб, рагIи-рагIиккун гьабулеб калам

РЕШÁТЬ(СЯ) *несов. см.* **решиʹ ть(ся)**

РЕШÁЮЩ//ИЙ, -ая, -ее бищун кIвар бугеб, бетIераб, аслияб; **~ий участок** бищун кIвар бугеб участок; **~ая минýта** аслияб минута; **~ее слóво** тIарамагъадисеб, хIасилияб рагIи

РЕШЕ́НИ//Е *с* **1.** (*по гл.* **решиʹть**) гьаби; **прáвильное ~е задáчи** масъала битIун гьаби **2.** (*постановление, заключение*) хIукму; **~е судá** судалъул хIукму; **~ собрáния** данделъиялъул хIукму; **приняʹ ть ~** хIукму гьабизе; **я пришёл к ~ю** дица хIукму гьабуна

РЕШЁТК//А *ж* 1) (*заграждение*) хьуриʹ; **окóнная ~а** гордуялъул хьури 2) (*забор*) чали ◊ **за ~ой сидéть** туснахъалде ккезе; **посадиʹ ть за ~у** жанив тIамизе, туснахъ гьавизе

РЕШЕТÓ *с* цIалкIу; **просéивать чéрез ~** цIалкIица цIалкIизе ◊ **носиʹ ть вóду ~м** цIалкIица лъим баччизе, цебе тIолареб, хIасил кколареб хIалтIи гьабизе (гъодоца ралъад буххизе)

РЕШЁТЧАТЫЙ, -ая, -ое, **решéтчатый,** -ая, -ое хьури гIадаб, картIахараб; хьури ккураб; **решéтчатый забóр** хьури ккураб забор

РЕШИ́МОСТ//Ь *ж* бахIарчилъи, таваккал буголъи;**они́ полны́ ~и борóться** гьел къеркьезе таваккалалда (*таваккалалъул цIун*) руго

РЕШИ́ТЕЛЬНО *нареч.* **1.** (*смело*) къвакIун, бахIарчи-лъиялда; **заяви́ ть ~** къвакIун лъазабизе **2**. (*совершенно*) щибниги, расги, кинго, миркалъ; **я ~ ничегó не пóнял** дида щибниги бичIчIичIо **3.** тIолго, щибго течIого, цохIо хутIичIого; **там бы́ ло ~ все** доба, щибго камичIого, кинабго букIана; **к нам прихóдят ~ все** нижехъе, цохIо хутIичIого, киналго рачIуна

РЕШИ́ТЕЛЬНОСТЬ *ж (смелость)* бахIарчилъи, таваккал буголъи, хIинкъи гьечIолъи

РЕШИ́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*смелый в принятии решений*) таваккалаб, кьварараб, беркъай гьечIеб; **~ый человéк** таваккалав, таваккал бугев чи 2) (*окончательный*) тIубараб, ахираб; кьучIаб; **он не дал ~ого ответа** дос кьучIаб жаваб кьечIо; **~ый ответ** ахираб рагIи, кьучIаб рагIи (жаваб)

РЕШИ́ ´ //ТЬ *сов.* 1) *с неопр. (прийти к выводу*) хIукму гьабизе; **они́ ~ли уéхать** доз ине хIукму гьабуна 2) *что и с неопр. (принять решение*) хIукму гьабизе 3) гьабизе, жаваб батизе; **~ть задáчу** масъала гьабизе, масъалаялъе жаваб батизе

РЕШИ́ ´ //ТЬСЯ *сов.* 1) *на что и с неопр. (принять какое-л. решение*) *цощинаб* хIукму ккезе, таваккал гIезе 2) (*окончательно определиться*) тIубанго цо пикруялде вачIине, тIубазе; **зáвтра ~тся егó дéло** метер гьесие (гьесул ишалъе) хIукму къотIула

РÉШКА *ж* решка (*гIисингIарцул цояб рахъ, герб гьечIеб рахъ*)

РЕЭВАКУА́ЦИЯ *ж* тIоцере рукIараб бакIалде тIад руссун рачIин; **~ завóда** завод цебе букIараб бакIалде тIад буссинаби

РÉЯТЬ *несов.* 1) (*плавно двигаться, парить*) гьаругьинан, лъалареб куцалъ церехун ине; тIавагьине; **мóлча рéют лáсточки** сас къотIун милъиршаби тIавагьунел (гьавагьунел) руго 2) (*развевать*) парпадизе; **рéют знамёна** байрахъал парпадулел руго

РЖАВÉТЬ *несов.* кьаву чIвазе, кьавуялъ кваназе

РЖА́ВЧИН//А *ж* кьаву; **изъéденный ~ой** кьавуялъ кванараб

РЖА́ВЫЙ, -ая,-ое кьаву чIвараб, кьавуца кванараб; **~ цвет** кьавудул кьераб

РЖА́НИЕ *с* 1) хIихIиди 2) *прост.* кутакалда релъи, гIагIади

РЖАН//О́Й, -а́я, -о́е абгил; **~а́я мука́** абгил ханжу

РЖАТЬ *несов.* 1) хIихIидизе 2) *прост.* гIагIадизе

РЖИ *род., дат., и предл. п. от* **рожь**

РИА́Л *м* риал (*Ираналда гIарцул единица*)

РИ́ГА *ж* тIорщалил гулал ракъвазарулеб ва лал тIамулеб бакI, гьоцIу

РИДИКЮ´ ЛЬ *м* ридикюль, руччабазул гьитIинаб сумка

РИ́ЗА *м* риза (*кашишас килисаялда дин гьабулаго ретIунеб зарбабалъул халгIат, тIасан ретIел*) ◊ **до положéния риз** (*напиться*) лъавудаса инегIан (*гьекъезе*), сунтI лъугьун (*мехтизе*)

РИКОШЕ́Т *м* рикошет, речIчIараб жо, *сунданиги* хъван, хъвалсан, мекъса ин; **попáсть ~ом** цоги жоялдаги хъатIун, щвезе (*гулла*)

РИ´ КША *м* рикша (*тIадагьаб гьакида живгоги ван, гIадамал раччулев чи*)

РИ´ МСК//ИЙ, -ая, -ое Рималъул; **~ое государ́ство** Рималъул пачалихъ; **~ие циʹ фры** рималъулал цифраби (I, II, III, IV…)

РИНГ *м спорт.* ринг (*боксалъе рахъунеб майдан*)

РИ´ НУТЬСЯ *сов.* циндаго цере ине, тIаде кIанцIизе; **~ вперёд** хехго церехун ралагьун ине

РИС *м* пиринчI

РИСК *м* 1) (*возможная опасность*) хIинкъи бугеб хIалбихьи, бокьараб ккайилан (*бахъайилан*) гьабулеб иш 2) (*действие наудачу*) таваккал, таваккал тIами ◊ **на свой страх и ~** кинабго жавабчилъиги жиндаго тIаде босун; **идтиʹ на ~** таваккал тIамизе; **с ~ом для жиʹ зни** гIумруялъе хIинкъигун

РИСКНУ´ //ТЬ *сов.* 1) *см.* **рисковáть** 2) *с неопр., на что и без доп. (отважиться*) таваккал тIамизе, бокьараб лъугьаян гьабизе; бахIарчилъи гIезе; **я ~л спросиʹ ть егó об э́ том** гьелъул хIакъа-лъулъ досда цIехезе дир бахIарчилъи гIуна

РИСКО́ВАНН//ЫЙ, -ая, -ое *прям., перен.* таваккал тIамизе ккараб, хIинкъи бугеб; **~ый шаг** хIинкъи бугеб ишалде лъугьин (ишалде гали тIами)

РИСК//ОВА́ТЬ *несов.* 1) (*подвергаться риску)* таваккал тIамизе, бокьараб ккаян гьабизе; **зачéм зря ~ова́ть?** щай гIадада таваккал тIамилеб? 2) *кем-чем (подвергать риску*) хIинкъи бугеб ишалда гъоркье бетIер бегьизе; **~ова́ть своéй жиʹ знью** гIумруялъе хIинкъи бугеб ишалда гьоркьове лъугьине

РИСОВА́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое сурат бахъиялъе къваригIунеб

РИСОВА́ЛЬЩИК *м* суратал рахъулев чи, художник

РИСОВА́ЛЬЩИЦА *ж* суратал рахъулей гIадан, художница

РИСОВА́НИ//Е *с* сурат бахъи; **альбóм для ~я** суратал рахъулеб альбом; **учиʹ тель ~я** суратал рахъизе малъулев учитель

РИСОВА́ТЬ *несов. кого-что* 1) сурат бахъизе 2) *перен. (описать)* сипат-сурат гьабизе

РИСОВА́ТЬСЯ *несов.* 1) (*виднеться*) рикIкIад бихьизе 2) *перен. (в воображении)* берда цебе сурат лъугьине, бугеблъун бихьизе, берда цебе чIезе, цебе тIамизе 3) *чем и без доп. (стараться показать себя с выгодной стороны*) цIакъавлъун вихьизавизе, хIадаризе; жиндехунго кIвар буссинабизе, лъикIавлъун вихьизавизе лъугьине

РИ´ СОВ//ЫЙ, -ая, -ое 1) пиринчIалъул, пиринчIул; **~ая кáша** пиринчIул карщ 2) пиринчI бекьулеб; **~ое пóле** пиринчI бекьулеб хур, пиринчIул хур

РИСУ́Н//ОК *м* 1) кверал бахъараб сурат, сурат; **акварéльный ~** акварелалъ бахъараб сурат; **урóк ~ка** сурат бахъия-лъул дарс 2) накъищ; **ткань пёстрого ~ка** чараб накъищалъул ххам

РИСУ́НЧАТ//ЫЙ, -ая, -ое накъищ бахъараб, накъищ бугеб; **~ое стеклó** накъищ бугеб цIер

РИТМ *м* ритм, гьаракь рекъей; хIалтIул низам дурусго рекъон ккей; **~ стихá** кочIол гьаркьазул рекъонккей; **~ рабóты** хIалтIул низам дурусго, рекъон ккун букIин

РИТМИЗА́ЦИЯ *ж сундулъниги* ритмалъул низам хIалтIизаби, низам рекъезаби

РИТМИЗО́ВАННЫЙ, -ая, -ое низамалда рекъезабураб, ритм бугеб

РИ́ТМИКА *ж* 1) ритмалъул система ва хасият 2) ритмалъул хIакъалъулъ бугеб гIелму 3) музыкаялда гъоркь, ритмалда рекъон гьарулел упражненияби, гимнастика

РИТМИ´ ЧЕСКИЙ *см* **ритмиʹ чный**

РИТМИ́ЧНОСТЬ *ж* ритм буголъи, ритм хIалтIизаби; **соблюда́ть ~ в рабо́те** хIалтIулъ ритм чIезабизе, цIунизе

РИТМИ́ ЧН//ЫЙ, -ая, -ое ритмалъулаб, ритмаялда рекъараб; **~ые движе́ния** роцада рекъарал рагъа-рачариял; **обеспе́чить ~ую рабо́ту** хIалтIул дандеккей, рекъонккей букIинабизе

РИТО́РИКА *ж* 1) риторика, пасихIаб каламалъе ругъун гьарулеб гIелму, ораторлъиялъул гIелму 2) *перен.* чIобогояб хабар; кIодого, чIухIизабун гьабулеб, бицунеб калам

РИТОРИ́ ЧЕСКИЙ, -ая, -ое риторикияб, риторикаялъулаб; **~ вопро́с** риторикияб суал (*жаваб кьезе кколареб, улъи бичIчIизабулеб суал*)

РИТУА́Л *м* диниябгIадат, къагIида

РИФ *м* риф (*гумул хьвадиялъе хIинкъи бугеб тIадгояб бакI*)

РИФЛЁН//ЫЙ, -ая, -ое гонгал рахъун къачIараб; **~ое желе́зо** гонгал (рахъал) гьарун къачIараб махх

РИ́ФМ//А *ж* рифма (*кочIол мухъазул ахиразулъ гьаракь рекъей*); **сказа́ть в ~у** рифма рекъезабун абизе

РИФМА́Ч *разг. пренебр.* загIипав, къадарав поэт

РИФМО́ВАННЫЙ, -ая, -ое рифма бугеб, рифма рекъон бугеб

РИФМОВА́ТЬ *несов. см.* рифма рекъезабизе

РИФМОВА́ТЬСЯ *несов.* рифма ккезе, рифмаялда бачIине, рифмаялда рекъон ккезе

РИФМО́ВКА *ж* рифма рекъей; рифма рекъезабулеб къа-гIида

РОБЕ́//ТЬ *несов.* хIинкъизе, нахъе къазе, чухьарлъизе; **не ~й(те)!** хIинкъуге!

РО́БК//ИЙ, -ая, -ое 1) (*несмелый)* нахъе къан чIолев, хIинкъа-къарав; бахIарчилъи гьечIев 2) (*застенчивый*) нечарав; **~ий челове́к** нечарав, жиндаго ракI чIоларев чи, лимхIарав чи

РО́БОСТЬ *ж* нахъекъай, лимхIи; хIинкъа-къай

РО́БОТ *м* робот (*чи хисулеб автомат*)

РОВ *м* хандакъ, ор; **крепостно́й ~** хъаладул ор; **противота́нковый ~** танказда данде бухъараб хандакъ

РОВЕ́СНИК *м* гIел бащадав чи, кьерилав; **он мне ~** дов дир кьерилав вуго; **они́ ~и** дол гIел бащадал чагIи (кьерилал) руго

РОВЕ́СНИЦА *ж* гIел бащадай гIадан, кьерилай

РО́ВНО 1. *нареч.* 1) (*гладко, прямо*) дурусго, битIун 2) (*равномерно, спокойно*) низамалда, рекъон, цокIалго 3) (*одинаково*) цо хIалалда; **разделя́ть ~** дурусго бикьизе **2**. *в знач. частицы* 1) (*точно*) битIун; **~ в три часа́** битIун сагIат лъабгояла 2) *разг. (совершенно)* щибниги, расги, махIниги, зарраги; **он ~ ничего́ не понима́ет** досда щибниги бичIчIуларо **3**. *в знач. союза разг. (словно)* гIадин; **он побеле́л ~ мел** дов мел гIадин хъахIлъана

РО́ВН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*гладкий*) битIараб, цокIалаб, дузаб; **~ая ме́стность** битIараб бакI 2) (*одинаковый*) бащадаб, цо къагIидаялъулаб; **~ые зу́бы** ращадал цаби 3) *перен. (уравновешенный*) гIодобе биччараб; **~ хара́ктер** гIодобе биччараб хасият ◊ **он ~ым счётом никого́ не зна́ет** досда миркалъ щивниги лъаларо; **она говори́ла ~ым го́лосом** дой гIодобе биччараб гьаракьалъ кIалъалей йикIана

РО́ВНЯ *м, ж разг.* ващадав (*сундулъниги*); **он тебе́ не ~** дов дуе данде кколаро, дов дулъе вахунаро

РОВНЯ́ТЬ *несов. что* битIизабизе, бащад гьабизе, цокIаллъизабизе; **~ доро́жки** нухал ритIа-ришизаризе

РОВНЯ́ ТЬСЯ *несов. на кого* 1) ишалъулъ бащалъизе 2) *воен.* кьерда ритIун чIезе

РОГ *м* 1) лълъар; **оле́ньи ~а́** ритIучIил лълъурдул 2) (*музыкальный инструмент*) накъира, зурма; **трубя́т в ~** накъира пулеб буго ◊ **наста́вить ~а́** росасе хилиплъизе; **как из ~а изоби́лия** цIакъ кIудияб къадаралда, гьарзалъиялда; **взять быка́ за ~а́** бачIинахъего тIаделъизе, аслиялдасан байбихьизе; **согну́ть в бара́ний ~** мукIур гьавизе, мутIигI гьавизе, кверщаликье вачине

РОГА́СТЫЙ, -ая, -ое *разг.* лълъурдул чIахIияб; **~ бык** лълъурдул чIахIияб оц

РОГА́ТИНА *ж* халатаб гIоркьалда тIогьиб щула гьабураб кIудияб кIибалаб нус (*цияздe чан гьабизе хIалтIизабулеб*)

РОГА́ТК//А *ж* 1) (*перекладина*) гъалду 2) *перен.* квекIен, нух гьукъи; авара 3) рогатка (*гIаркьачоялда резинаљул чIологи бухьун, чIинхал речIчIулеб алат*)

РОГА́ТЫЙ, -ая, -ое лълъурдул ругеб; **кру́пный ~ скот** чIегIербоцIи; **ме́лкий ~ скот** гIи-цIцIани

РОГА́Ч *м* 1) лълъурдулчIахIа, бихьинритIучI 2) лълъурдул ругеб оцхIутI 3) (*гIурусазул*) *коронире хъуби регьизе хIалтIизабулеб* кIудияб хIара

РОГОВИ́ ЦА *ж анат.* берзул пардав

РОГОВО́Й, -ая, -ое лълъара́л гьабураб, лълъара́л; **~ гре́бень** лълъарал гьоркьо

РОГО́ЖА *ж* турут, мущил турут

РОГО́ЖИНА *ж* мущил туртил кесек

РОГО́ЖКА *ж* 1) мущил турут 2) рогожка (*тIасанретIел гьабулеб хIебет*)

РОГОНО́СЕЦ *м разг.* чIужу хилиплъарав рос

РОД *м* 1) тайпа, наслу; тухум, кьибил 2) *грам.* род, жинс; **лю́ -ди ра́зного ~а** батIи-батIияб тайпаялъул гIадамал; **мужско́й ~** бихьинал; **же́нский ~** руччаби ◊ **~ людско́й** гIадамал, инсаният; **от ~у** вижаралдаса, гьавуралдаса нахъе; **без ~у, без пле́мени** тухум-тайпа лъаларев, табулди; **он ~ом из Росто́ва** досул вижараб бакI Ростов буго

РО́ДИЙ *м* родий (*хим. элемент, метатлл*)

РОДИ́ ЛЬНИЦА *ж* лъимер гьабун мех бачIей гIадан

РОДИ́ ЛЬНЫЙ, -ая, -ое 1) лъимер гьабиялъулаб, лъимер гьабулаго кумекалъе бугеб; **~ая горя́чка** лъимер гьабун хадуб кколеб захIматаб унти 2) лъимал гьарулеб; **~ый дом** лъимал гьарулеб рукъ

РОДИ́М//ЫЙ, -ая, -ое 1) *разг. (родной)* чохьол (*лъимер)* 2) (*ласка*) рекIел дарман 3) хирияб, гIагараб, рекIее бокьулеб 4) (*родинка*): **~ое пятно́** лъимерлъудасанго тIомода бугеб тIанкI, цIинкир

РО́ДИНА *ж* 1) (*отечество*) ватIан; **на́ша ро́дина –** нилъер ватIан 2) (*место рождения*) вижараб бакI

РО́ДИНКА *ж* цIинкир; черхалда букIунеб тIанкI

РОДИ́ ТЕЛИ *мн.* эбел-эмен

РОДИ́ ТЕЛЬНЫЙ: **~ паде́ж** *грам.* хаслъул падеж

РОДИ́ТЕЛЬСК//ИЙ, -ая, -ое эбел-инсул; **~ая любо́вь** эбел-инсул рокьи; **~ий дом** эбел-инсул мина; **~ий комите́т** умумузул комитет

РОДИ́ //ТЬ *сов. и несов.* 1) гьабизе; **~ ма́льчика** вас гьавизе; **она́ ~ла́ трои́ х дете́й** долъ лъабго лъимер гьабуна 2) *что* (*давать урожай*) бижизе, бачIин кьезе; **та земля́ хорошо́ ~т** гьаб ракьалда жо лъикI бижула ◊ **в чем мать ~ла́** толохIоч гьавун, гIицIго, эбелалъ гьавухъе

РОДИ́ //ТЬСЯ *сов. и несов.* 1) гьавизе; **я ~ла́сь в 1934 году́** дун 1934 абилеб. соналъ гьаюна; **у нее ~ла́сь дочь** гьелъие яс гьаюна 2) *перен. (появиться, возникнуть)* бижизе, лъугьине; **у меня́ ~ла́сь мысль** (цо) пикру бижана дир рекIелъ 3) (*произрасти*) бижизе; **здесь хорошо́ ~тся пшени́ца** гьаниб ролъ лъикI бижула

РО́ДИЧ *м разг.* тухумалъул чи, наслу цояв чи, гIагарав чи

РОДНИ́ К *м* 1) ицц 2) *перен.* аслу, кьучI

РОДНИКО́В//ЫЙ, -ая, -ое иццул; **~ая вода́** иццул лъим

РОДНИ́ТЬ *несов. кого-что, с кем-чем* 1) (*создавать отношения родства)* гIагарал чагIилъун гьаризе, гIагараллъун лъугьинаризе; тухум цояблъун гьабизе 2) (*сближать, устанавливать близкие отношения*) гIагарлъизабизе, лъикIал гьоркьорлъаби гьаризе

РОДНИ́ТЬСЯ *несов.* 1) (*вступать в отношения родства*) гIагараллъун лъугьине 2) *перен. (сближаться)* гIагарлъизе, релълъараблъун лъугьине

РОДНИЧО́К *м анат.* рагьабакI (*лъимадул ботIрода ракьа къачIеб тамахаб бакI*)

РОДН//О́Й, -а́я, -о́е **1.** 1) чохьол, тIул бикьарав; **~а́я мать** чохьол эбел; **~о́й брат** тIул бикьарав вац 2) (*свой*) гIагараб; жив вижараб, гьавураб, жанив гIураб; **~ая земля́** гIагараб улка-ракь; **~о́й заво́д** гIагараб (*живго хIалтIараб*) завод; **~ой го́род** (*живго*) вижараб шагьар; **~ой край** вижараб рахъ, гIагараб улка 3) (*дорогой, милый – в обращении)* хирияв **2**. *в знач. сущ.* **~ы́ е** *мн.* гIагарал чагIи, гIагарлъи; **у него́ мно́го ~ы́ х** досул гIемераб гIагарлъи буго, гIемерал гIагарал чагIи руго ◊ **~о́й язы́ к** рахьдал мацI

РОДНЯ́ *ж* 1) *собир. (родственники)* гIагарлъи 2) (*родственник)* гIагарав чи, гIагарлъи-гIунтIи бугев чи; **он мне ~** дов дие гIагарав вуго (*дов дир гIагарав чи вуго*)

РОДОВИ́ ТЫЙ, -ая, -ое тухум кIудияв, рагIи билълъараб тухумалъул; некIсияб аристократияб наслуялдасан лъугьарав

РОДОВ//О́Й[1], -а́я, -о́е 1) тухумияб **~ой строй** тухумияб гIуцIи 2) (*наследственный*) тухумалъулаб, ирсияб, наслуялдаса наслуялде бачIараб; **~ое име́ние** умумузулго батараб имение 3) *биол.* тайпаялъулаб 4) *грам.* жинсияб; **~ое оконча́ние** жинсияб ахир, гIаламат 5) (*родственный*) гIагараб, гIагарлъиялъулаб; **~ые свя́зи** гIагарлъиялъулал бухьенал

РОДОВ//О́Й[2], -ая, -ое лъимер гьабиялъул; **~ые схва́тки** лъимер гьабизе чIвараб хIара (*лъимадуе хIара чIвай*)

РО́ДОМ *нареч.:* **он ~ из Москвы́** дов Москваялдаса вуго

РОДОНАЧА́ЛЬНИК *м* 1) (*предок*) тухумалъул бетIер, кьолбол бетIер 2) *перен. (основоположник) (сундуениги)* кьучI лъурав чи, кьучI тIамурав чи

РОДОНАЧА́ЛЬНИЦА *ж* 1) тухумалъул бетIер, кьолбол бетIер 2) (*сундуениги*) кьучI лъурай гIадан, кьучI тIамурай гIадан

РОДОСЛО́ВНАЯ *ж* наслуялъул тартибалда гьабураб сияхI

РО́ДСТВЕННИК *м* гIагарав чи; **~ со стороны́ отца́** инсул гIагарав чи (*инсухъан гIагарав чи*)

РО́ДСТВЕННИЦА *ж* гIагарай гIадан, гIагарай чIужу

РО́ДСТВЕНН//ЫЙ, -ая, -ое 1) гIагарлъиялъулаб, гIагар-лъиялъул; **~ые свя́зи** гIагарлъиялъулал бухьенал 2) (*близкий по происхождению)* гIагарав, цоцадехун гIагарлъи-гIунтIи бугеб; **~ые нау́ки** цоцазде гIагарал гIелмаби

РОДСТВ//О́ *с* 1) гIагарлъи, гIагарлъи-гIунтIи; **кро́вное ~о́** (*бидулаб*) би цояб гIагарлъи; **быть в ~е́ *с*** *кем-л. лъилгунниги* гIагарлъи букIине 2) (*сходство)* цоцада релълъин; **~о языко́в** мацIазул цоцада релълъин 3) *собир. разг. (родственники)* гIагарал чагIи

РО́Д//Ы *мн.* лъимер гьаби, кьинлъи; **пе́рвые ~ы** тIоцебесеб лъимер гьаби, кьинлъи; **у нее бы́ли тяжёлые ~ы** гьолъ цIакъ захIматго лъимер гьабуна; **она́ о́чень похорошела́ по́сле ~ов** лъимер гьабуралдаса гъой цIакъ гьайбатлъана, берцинлъана, лъикI лъугьана

РО́Ж//А[1] *ж разг.* гьумер, куц, куц-мухъ, бегI; **корчи́ть ~и** бер-кIал гьабизе (*берал, кIал цIа-цIазаризе*)

РО́ЖА[2] *ж мед.* хъастIу

РОЖА́ТЬ *несов. разг. см.* **роди́ ть 1,3**

РОЖДА́ЕМОСТЬ *ж* (*цо ккураб заманалда*) лъимал гьариялъул къадар

РОЖДА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **роди́ ть(ся)**

РОЖДЕ́НИ//Е *с* **1.** (*по гл.* **роди́ть**) гьаби (*лъимер*) **2**. (*по гл.* **роди́ться)** гьави; **год ~я** гьавураб сон; **ме́сто ~я** гьавураб бакI; **справля́ ть ~е, день ~я** гьавураб къо тIобитIизе

РОЖДЕСТВО́ *с рел.* рождество (*христиан диналда 25 абилеб декабралда ГIиса-авараг гьавиялда хурхун тIобитIулеб байрам)*

РОЖЕ́НИ́ЦА *ж* лъимер гьабулей йигей *яги* гьабсагIат лъимер гьабурай гIадан

РО́ЖИСТ//ЫЙ, -ая, -ое *мед.* хъастIудул

РОЖ//О́К *м* 1) *уменьш. к* **рог** 2) *муз.* накъира, рожок (*зурма гIадаб музыкияб алат*) 3) (*для кормления*) моцIуги къазабураб хахизе рахь жанибе тIолеб шиша яги лълъар 4) (*для обуви*) рожок (*хьитал ретIунеб гомог*) 5) *мн.* **~ки́** (*макаронные изделия*) рожки (*макаронал*) ◊ **оста́лись ~ки да но́жки** цIакъ дагьаб жо хутIана (*хIетI-бетIерцин хутIичIо*), щибниги хутIичIо

РОЖО́Н *м* тIогьиса бегIераб цIулал гIер ◊ **лезть на ~** лъалаго хIинкъи бугеб иш гьабизе лъугьине; **како́го ро́жона надо?** цойги, тIокIабги щибха кьваригIун бугеб?

РОЖУ́ I *л. ед. буд. от* **роди́ ть**

РОЖЬ *ж* огоб

РО́ЗА *ж* роза, гIинтIидул тIегь (*чIахIияб, махI берцинаб*)

РОЗА́РИЙ *м* розарий (*розаби рекьараб бакI, розаби гIезарулеб питомник*)

РО́ЗВАЛЬНИ *мн.* гIодор чIолеб бакI гьечIел тIуцал гIебал чанагъал

РО́ЗГА *ж* тIеренаб хьоп; **наказа́ть ~ми** хьопоца вухизе

РОЗЕ́ТКА *ж* 1) (*украшение*) розетка (*ратIлида чаллабаздалъун я лентаз угьун гьарурал тугьдул*) 2) (*блюдце для варенья)* мурапа чIвалеб гьитIинаб гъваридаб налбек 3) *эл.* **што́псельная ~** штепсель къазабулеб розетка

РО́ЗЛИВ *м* тIей (*см.* **разли́ ть**)

РОЗМАРИ́Н *м* розмарин (1 *махI берцинаб нах бахъулеб хъархъилаб гъветI*; 2 *гIечул сорт, тайпа*)

РО́ЗНИЦ//А *ж*: **торгова́ть в ~у** гIисинккун бичизе

РО́ЗНИЧН//ЫЙ, -ая, -ое: **~ые това́ры** гIисинккун бичулеб къайи; **~ая торго́вля** гIисинккун гьабулеб даран; **~ая прода́жа** гIисинккун бичи

РОЗНЬ *ж* **1.** (*вражда, ссора*) къец, дагIба-рагIи, тушманлъи; **у них начала́сь ~** дозда гьоркьоб дагIба-къец байбихьана; **се́ять ~** гьоркьоблъи хвезабизе, тушманлъи ккезабизе (бекьизе) **2**. *в знач. сказ. разг.* батIалъи, релълъарал гьечIолъи; **рабо́тник рабо́тнику ~** цо хIалтIухъан цогиясда релълъарав вукIунаро; хIалтIухъаби киналго цоцазда релълъарал, ращадал рукIунаро

РОЗОВА́ТЫЙ, -ая, -ое багIарккараб, багIарсияб

РОЗОВЕ́ТЬ *несов.* 1) (*становиться розовым*) розаялъул кьераб лъугьине, багIарлъун ине 2) (*покрываться румянцем)* багIараб кьер чIвазе, багIарлъизе

РО́ЗОВ//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*о растении*) розаялъул; **~ый куст** розаялъул хъарахъ 2) (о цвете) багIарккараб, розаялъул кьераб; **~ое пла́тье** розаялъул кьераб гурде ◊ **ви́деть все в ~ом све́те** кинабго берцин, лъикI бихьизе *(квешал, гIоларел рахъазде кIвар кьечIого)*

РО́ЗЫГРЫШ *м* (*по гл.* **разыгра́ть**) 1) (*лотереи*) хIай 2) (*состояние)* бергьинелъун хIазе лъугьин; **~ куб́ка по футбо́лу** кубокалъе гIоло футбол хIазе лъугьин 3) *спорт. (ничья)* хIай бащад ккей

РО́ЗЫСК *м (поиски)* балагьи, цIехей ◊ **уголо́вный ~** уголовный розыск (*такъсир рагьиялда ва гьеб гьукъиялда тIад хIалтIулеб милициялъул отдел*)

РОИ́ТЬСЯ *несов.* 1) (*образовать новый рой*) на устIаралда сверухъ данделъизе, на бацIизе 2) (*летать роем*) руккел гьабун роржине (*на, кIкIара ва ц.*) 3) *перен. (о мыслях, мечтах*) женжедизе, тIаделъизе; **мы́сли рои́лись в голове́** пикраби ботIрода жанир женжедулел рукIана

РОЙ *м (стая)* руккел, данделъи, бо; **пчели́ ный ~** наязул руккел; **~ комаро́в** кIкIурузул бо; **~ пчёл** бацIараб на

РОК *м уст.* къисмат, къадар; **злой ~** квешаб къадар

РОКОВ//О́Й, -ая, -ое 1) (*несущий гибель, приносящий горе*) квешаб, талихI къосараб, хвалилаб; талихI къосиналъе, хвалие, къисматалъе гIиллалъун бугеб; **~ы́е оши́бки** талихI къиналъе гIиллалъун ккарал гъалатIал 2) ахирисеб, жинда къисмат бараб

РО́КОТ *м* гъугъай; гунгуни; гъулгъули; гъванки; **~ соловья́** булбулалъул гунгуни; **сла́бый ~ мо́ря** ралъдал загIипабго гъул-гъули; **~ отдалённой канона́ды** рикIкIадасан рагIулеб гIарададул дваргъи, кьвагьи

РОКОТА́ТЬ *несов.* гъугъадизе; гунгудизе; гъулгъудизе; гъванки, дваргъи бахъине

РО́ЛИК *м* 1) (*колесико*) ролик, гьитIинаб гьакибер (*столалъул, кроваталъул боxдузда лъолеб)* 2) *эл. (изолятор)* ролик (*электрикалъул квар кибниги хъвачIого букIине хIалтIизабулеб чинидул я щагIил чарх*) 3) *мн.* **~и** роликал (*чархал (гьакал) ругел конькаби)*

РОЛ//Ь *ж* 1) (*драматический образ)* роль; **в ~и Га́млета** Гамлетил ролалда; **испо́лнить ~ агроно́ма** агрономасул роль тIубазабизе, хIазе 2) (*текст)* роль; **вы́учить свою́ ~** жиндирго роль рекIехъе лъазабизе 3) (*работа в качестве кого-л.)* роль, бакI; **игра́ть ~** кIвар бугеб бакI кквезе; **быть в ~и перево́дчика** таржамачи хIисабалда вукIине 4) (*мера влияния, значения*): **~ь ли́чности в исто́рии** кIудияб пагьму-гьунаралъул чиясул историялда (*тарихалда*) бугеб кIвар, гьес тарихалъе гьабулеб асар

РОМ *м* ром (*къвакIарал гьекъолел жалазул цояб*)

РОМА́Н *м* 1) (*произведение*) роман (*хабаралдалъун хъвараб литературияб кIудияб асар*) 2) (*любовные отношения)* къиса (*бихьинчиясдаги чIужугIаданалдаги гьоркьоб рокьул лъугьа- бахъин*)

РОМАНИ́ СТ[1] *м* (*писатель*) романал хъвалев чи

РОМАНИ́СТ[2] *м (филолог)* роман мацIазул ва культураялъул специалист

РОМА́НС *м муз.* романс *(рокьул темаялда хъвараб кIудияб гьечIеб лирикияб кечI)*

РОМА́НСК//ИЙ, -ая, -ое; **~ие языки́** роман мацIал (*латынь мацIалъул кьучIалда рижарал мацIал*)

РОМАНТИ́ ЗМ *м* романтизм (*19 аб. векалъул байбихьуда литератураялда ва искусствоялда баккараб цIияб нух*)

РОМА́ШК//А *ж бот.* махIквеш, чIутIузул хер

РОМБ *м мат.* ромб (*киналго рахъалги (хьалбалги) ращадаб, ритIарал бокIналги гьечIеб параллелограмм*)

РОНЯ́//ТЬ *несов.* 1) *кого-что (выпускать из рук)* лъачIого гIодобе бортизе биччазе; **~ листы́** тIанчал лъачIого гIодоре рортизе риччазе 2) *что (бессильно опускать вниз)* гIодобе дализабизе; **~ го́лову на грудь** бетIер каранде дализе биччазе 3) *что (лишаться чего-л.) сундасаниги* махIрумлъизе; **лесá ~ли листву́** рохьал тIанхидаса рацIцIалъулел рукIана 4) *кого-что перен. (унижать)* **~ть своё досто́инство** жиндирго къадру гIодобе-гIанлъизабизе 5) *что перен. (небрежно произносить)* кIварго кьечIого абизе, бицине ◊ **роня́ ть слёзы** магIу чвахизе биччазе, гIодизе

РО́ПОТ *м* 1) (*недовольство)* бурбуди, гъулгъуди (*рази гьечIолъи лъазабулеб, гъорлъанго букIунеб*) 2) (*гул, шум*) хъуй, хъуди; **~ ручья́** лъарал хъуди

РОПТА́ТЬ *несов.* 1) *на кого-что (высказывать недовольство)* бурбудизе, зигардизе, разилъунгутIи загьир гьабизе 2) *уст. (издавать глухой шум)* хъудизе

РОС- *см.* **раз-**

РОСА́ *ж* щуб; **у́тренняя ~** рогьалил щуб; **до росы́** щуб ккелалде; **по росе́** щубилъан

РОСИ́НК//А *ж* щубил горо, къатIра, тIири ◊ **ма́ковой ~и во рту́ не́ было** кигIан гьитIинабги жо кIалдиб лъун букIинчIо

РОСИ́СТ//ЫЙ, -ая, -ое щуб ккараб; **~ая трава́** щубил цIураб, тIад щуб ккараб хер; **~ые но́чи** щуб кколел сардал

РОСКО́ШН//ЫЙ, -ая, -ое цIакъго бечедаб, берцин къачIараб, чIухIараб, гIемерго цIакъаб; **~ое пла́тье** цIакъго чIухIараб гурде; **~ый дом** кутакалда къачIарал рукъзал; **~ый обе́д** цIакъ бечедаб, чухIаб къадеквен

РО́СКОШЬ *ж* 1) (*внешнее великолепие)* бечелъи, чIухIи; цIакъго беричлъи 2) (*излишества в жизни*) рахIаталъулъ кколелдаса цIикIкIин; харжазулъ кколелдаса тIокIрорчIи 3) *(изобилие* (*о растительности и др.)* гьарзалъи, бечелъи, тIабигIаталъул сахавалъи, хIалигъун бижи

РО́СЛЫЙ, -ая, -ое кIудияв, базалияв, лага-щват бугев; **~ ма́льчик** чIахIа-махIаяв, лага-щват бугев вас

РО́СПИСЬ *ж* **1.** (*по гл.* **расписа́ть**) хъвай **2** (*стенная живопись*) къадазда, мокърукь суратал рахъи; *гьедин бахъараб* сурат **3.** *щибниги* рикIкIун хъвараб сиях**I 4**. гьолбас

РО́СПУСК *м* биххизаби; рокъо-рокъоре, рахъ-рахъалде риччантей; **~ уча́щихся на кани́кулы** цIалдохъаби каникулазде риччай; **~ коми́ссии** комиссия биххизаби; **~ парла́мента** парламент биххизаби, парламенталъул хIалтIуе ахир лъей

РОССИ́ЙСКИЙ, -ая, -ое Россиялъул, россиялъулаб

РО́ССКАЗНИ *мн. разг.* гьадингоял харбал, хъирмал, хъабурхьаби

РОССОМА́ХА *зоол.* россомаха (*цIоко хирияб цакьудул тайпаялъул гIалхул хIайван*)

РО́ССЫПЬ *ж* 1) (*по гл.* **рассыпа́ть**) гIодобе щвараб, араб жо; кколе-кколелъубе бай; щущараб, щущан бугеб жо 2) *геол.* гъорлъ магIдан бугеб гъат; **золоты́е ~и** меседил мугьал гъорлъ ругеб хъурун унеб, тамахаб гъат; **пла́тиновая ~** хъахIмесед гъорлъ бугеб хъурун унеб, тамахаб гъат

РОСТ *м* **1.** 1) (*по гл.* **расти́**) кIудияб гIей, бижи; **~ расте́ний** хурдузул рижи, хурдул рижи 2) (*увеличение в объеме, в размере, в количестве*) кIодолъи, гIемерлъи; **~ го́рода** шагьар кIодолъи; **~ населе́ния** халкъ гIемерлъи **2**. (*вышина*) борхалъи, щват, черх бугольи; **челове́к высо́кого ~а** борхатаб чорхол, къаркъалаялъул чи; ворхатав чи **3**. *разг. (процентная прибыль)* пайда, хайир, процент; **дать де́ньги в ~** процент босун гIарац кьезе, тIад жо лъун гIарац кьезе **4**. (*развитие, совершенствование*) камиллъи, цебетIей; **~ революцио́нного движе́ния** революциялъулаб багъабачари цебетIей; **тво́рческий ~ писателя** творческияб рахъалъ хъвадарухъанасул цебетIей ◊ **во весь ~:** а) (*выпрямившись)* витIун чIун б) (*на фотографии и т.п.)* вахъун чIун, тIолабго къаркъалаги босун в) (*полностью)* тIубанго

РОСТОВЩИ́ К *м* рибачи (*мIад процент лъун, налъуе гIарац кьолев чи*)

РОСТОВЩИ́ ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое рибачиясул, рибачиясулаб; **~ий капита́л** рибачиясул буголъи, бечелъи; **~ие проце́нты** рибачияс тIад лъолел процентал

РОСТОВЩИ́ ЧЕСТВО *с* рибачилъи

РОСТ//О́К *м* 1) (*стебель растения*) *сунданиги* баккараб, бижараб чIил, чIор, цIи кIанкIараб гIаркьел; **пусти́ть ~ки́** гIаркьалаби (кIанцIизе) риччазе 2) *перен.* цебе тIезе байбихьиялъул гIаламат; **~ки́ но́вого** цIияб (*жо*) цебе тIезе байбихьиялъул гIаламатал

РО́СЧЕРК *м* гъолбасалъул кIичIалаби; хъвадарулаго перо хехго бачин ◊ **одни́ м ~ом пера́** *перен.* щибго пикруго гьабичIого, цо параялда жаниб

РОТ *м* 1) кIал; **полоска́ть ~** кIал хулизе; **дыша́ть ртом** кIалалъ хIухьел цIазе 2) *перен. разг. (едок)* гIадан, кваналев чи; **в семье́ семь ртов** хъизамалда анкьго кваналев чи вуго ◊ **зажа́ть ~** кIал къазе (*лъилниги*); **рази́нуть ~** *щибниги* абизе; гьакIкIан хутIизе; **набра́ть воды́ в ~** кIал (*данде*) къан чIезе; **смотре́ть в ~** кIалдиве валагьун вукIине (кунелда барахщун; хIелун); **в ~ не возьму́** кIалдибе босиларо (*мIагIам гьечIеб жоялъул хIакъалъулъ*), мухь кьуниги кIалдиб лъеларо

РО́ТА *ж воен.* рота

РОТА́ТОР *м* ротатор (*квералъ хъвараб жоялъул копияби рахъулеб аппарат*)

РОТАЦИО́НН//ЫЙ, -ая, -ое: **~ая маши́на** ротационная машина (*газета я тIехь басмаялде бахъулеб машина*)

РО́ТНЫЙ, -ая, -ое 1) ротаялъул; **ро́тное иму́щество** ротаялъул къайи-къоно 2) ротаялъул командир

РОТОЗЕ́Й *м разг. (зевака, разиня)* гьакIкIарав, тохав чи, хагарав чи

РОТОЗЕ́ЙКА *ж* гьакIкIарай, тохай, хагарай гIадан

РОТОЗЕ́ЙСТВО *с разг.* хагай

РО́ТОР *м тех.* ротор (*сверулеб, тирулеб бутIа, мас., турбинаялъул)*

РО́ХЛЯ *м, ж разг.* кIохIал, чIанкIгьечI; вечIарав чи

РО́ЩА *ж* гьитIинаб рохь

РО́Ю(СЬ), ро́ешь(ся), ... ро́ют(ся) *наст. от* **ры́ ть(ся)**

РОЯЛИ́ ЗМ *м полит.* роялизм (*къираласулаб властаялъул рахъ кквей*)

РОЯЛИ́СТ *м* роялист (*сторонник роялизма*) роялизмалъул рахъ кколев чи

РОЯ́ Л//Ь *м* рояль; **игра́ть на ~е** рояль бачине (хъвазе); **сесть за ~ь** роялалда нахъа гIодов чIезе; **у ~я** роялалда аскIоб

РТА, рту *и т.д. род., дат. п. и т.д. от* **рот**

РТУ́ ТНЫЙ, -ая, -ое лъамамеседил; **~ термо́метр** лъамамеседалъ хIалтIизабулеб (*лъамамесед жанибе тIураб*) термометр

РТУТЬ *ж* лъамамесед

РУБА́НОК *м* сургу

РУБА́ХА *ж* гурде *см.* **руба́шка** ◊ **~ – па́рень** *разг.* рекIелъ чIухIи гьечIев, ракI рагьарав чи

РУБА́ШК//А *ж* гурде; **ве́рхняя ~а** тIасангурде; **ни́жняя ~а** гъоркьангурде; **ночна́я ~а** вегулелъул ретIунеб гурде ◊ **оста́ться в одно́й ~е** мискинлъизе, магIишат биххизе; **роди́ ться в ~е** *перен.* тIалихI кьезе; гIорцIен кьинлъизе, икъбал ккезе (*талихIав, икъбал кьурав чиясул хIакъалъулъ*)

РУБЕ́Ж *м (граница)* гIурхъи; **за ~о́м** гIурхъи бахун добехун, загранициялда; **есте́ственный ~** тIабигIияб гIурхъи

РУБЕ́Ц *м* 1) (*шрам*) ругънал гIуж 2) (*шов*) бицатаб кьегI, рацIцIи 3) (*отдел желудка у жвачных животных*) бакIвали; бакIвалидул гьабураб квен

РУБИ́ ДИЙ *м* рубидий (*хим. элемент, металл*)

РУБИ́ ЛЬНИК *м эл.* рубильник (*ток свинабулеб алат*)

РУБИ́ Н *м* рубин (*багIараб кьералъул къиматаб гьецIо*)

РУБИ́НОВ//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*сделанный из рубина*) рубина-лъул, рубин лъураб; **~ое кольцо́** рубин лъураб баргъич 2) (*цвета рубина*) рубиналъул кьераб

РУБИ́ТЬ *несов.* 1) *кого-что* къотIизе; бичIизе; ~ **дрова́** цIул бичIизе 2) *что* буссизе; ~ **капу́сту** капуста буссизе 3) *что (строить из бревен*) гьабизе; ~ **избу́** (*цIулал*) рукъ гьабизе 4) *что перен. разг. (говорить резко)* данде къотIизе, данде къотIун абизе ◊ ~ **с плеча́:** а) чIван къотIун абизе, гьабизе б) ццидакье ракIалде кковухъе гьабизе

РУБИ́ТЬСЯ *несов. (драться холодным оружием)* рагъизе (*хвалчад, нусаз ва цогидаб кьвагъуларе ярагъалъ*)

РУ́БИЩЕ *с* басралъараб, хохораб партал (ретIел)

РУ́БКА[1] *ж* **1. (***по гл.* **руби́ть)** къотIи, гъури; ~ **ле́са** рохь къотIи; ~ **капу́сты** капуста бусси; (*шашкой*) къотI-къотIун бай **2**. (*по гл.* **руби́ ться)** къотIари

РУ́БКА[2] *ж мор.* рубка (*гамил палубаялда капитан вукIунеб бакI*)

РУБЛЁВЫЙ, -ая, -ое гъурщил къимат бугеб; цо гъурщил багьаяб

РУ́БЛЕН//ЫЙ, -ая, -ое 1) къотIараб, буссараб, къотI-къотIараб; **~ое мя́со** къотI-къотIараб гьан, буссараб гьан; **~ые котле́ты** буссараб гьанал котлетал; **~ая капу́ста** гIисин гьабун буссараб капуста

РУБЛ//Ь *м* гъурущ ◊ **дли́нный** ~ бигьаго щвараб гIемераб гIарац; **бить ~ём** хIалтIулъ ккараб гIунгутIиялъе гIоло гIарац камизабизе

РУ́БРИК//А *ж* 1) (*заголовок*) рубрика (*газеталда, журналалда цо бутIаялда цIар*); **разнести́ по соответствующим ~ам** данде кколел рубрикабазда лъезе (*рикьизе*)

РУБЦЕВА́ТЬСЯ *несов. (о ране)* гьудазе, ругъун данде бачIине, сахлъизе байбихьизе

РУ́ГАНЬ *ж семулелъул абулел* хъачIал, инжитал ргIаби, бадирчIваял

РУГА́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое хьами, семи гъорлъ бугеб; бадибчIваялъулаб; **~ые слова́** семулелъул, хьамулелъул абулел ргIаби, хьамул ргIаби

РУГА́ТЕЛЬСТВО *с* хьами, семи

РУГА́ТЬ *несов. кого-что лъидениги-сунденигu* семизе, хьамизе, вагъизе, бадибчIвай гьабизе

РУГА́ТЬСЯ *несов.* 1) (*произносить бранные слова*) семизе, хьандезе, вагъизе 2) *с кем и без доп.* цоцазде хьандезе, семизе

РУГНУ́ ТЬ(СЯ) *однокр. к* **руга́ть(ся)**

РУДА́ *ж* руда (*жиндасан металл бахъулеб ракьул магIдан*)

РУДНИ́ К *м* рудник (*ракьулъа магIдан бахъулеб бакI*)

РУДНИКО́В//ЫЙ, -ая, -ое рудникалъул, рудникалъулаб; рудникалда хIалтIизабулеб; **~ый газ** рудникалъул газ; **~ые рабо́чие** рудникалъул хIалтIухъаби; **~ая ла́мпа** рудникалда хIалтIизабулеб чирахъ

РУДНИ́ ЧНЫЙ, -ая, -ое *см.* **рудniко́вый**

РУ́ДН//ЫЙ, -ая, -ое руда гъорлъ бугеб

РУДОКО́П *м уст.* руда бухъулев хIалтIухъан, рудникалъул хIадтIухъан; шахтер

РУДОНО́СНЫЙ, -ая, -ое руда бугеб; ~ **уча́сток** руда бугеб участок (*бакI*)

РУЖЕ́ЙНИК *м* яргъил устар, ярагъ гьабулев чи, ярагъ гьабулеб цехалъул хIалтIухъан

РУЖЕ́ЙН//ЫЙ, -ая, -ое туманкIул; **~ое ма́сло** туманкIул (тункIил) нах; **~ый вы́стрел** туманкIул кьвагьи; ~ **патро́н** тункIил патрон

РУЖЬЁ *с* туманкI; **двуство́льное** ~ кIиго хIара бугеб туманкI; **противота́нковое** ~ танказда данде хIалтIизабулеб ярагъ ◊ **находи́ться под ~м** аскарияб хъулухъалда вукIине; *армия* ра-гъулаб хIалалда букIине (*хIадурлъиялда букIине*)

РУИ́ НЫ *мн.* (*ед.* **руи́ на** *ж*) (*развалины)* чIунтелал, чIваданал (чIваднал, чIудни), риххарал рукъзал

РУК//А́ *ж* 1) (*конечность)* квер, гъеж 2) (*сторона*) рахъ: **по о́бе ~и́** кIиябго рахъалъ, квегIиса-квариаса 3) *с определением* (*символ труда, качество человека*) меседил кверал 4) (*почерк*) хатI; **я зна́ю его́ ~у** дида досул хатI лъала 5) *мн.* **~и** (*рабочая сила*) хIалтIул къуват, хIалтIухъаби; **едоко́в бо́льше рабо́чих** ~ хIалтIул кверадаса кканалел (*кIалал*) гIемер руго; **не хвата́ло рабо́чих** ~ хIалтIухъаби (хIалтIул квер) гIолел рукIинчIо ◊ **~а́ о́б ~у** цадахъ, рекъон; **дать по ~а́м** бухI-бухIизабизе, лъикI гIезабизе; **под горя́чую ~у** гIедегIалихъе; **с его́ лёгкой ~и́** баракатаб квералдалъун; **~и прочь от ...!** кверал... нахъе росе! гьоркьоре лъу-гьунге! **у него́ ~и коротки́** щибниги гьабизе гьесул я къуват гуро, я бажари гуро; **э́ то де́ло не его́ рук** гьеб иш гьесул (*гьес гьабураб*) гуро; **как ~о́й сня́ ло** кибе арабали лъачIого тIагIана; **на ско́рую ~у** гIедегIун, хехго; **нечи́ст на́ ~у** квер бацIцIадаб гьечIо; **у меня́ опусти́лись ~и** дир хIал гIолеб гьечIо, гъира гьечIо; **~а не поднима́ется** щибниги гьабизе бокьулеб гьечIо; ракI билъгъунаро; **не покла́дая рук** цо лахIзаталъги чIечIого, кверал тIатIала лъе-чIого; **чужи́ми ~а́ми жар загреба́ть** хIалихьатаб куцалъ чияца гьабуралдаса жиндиего пайда босизе; **~о́й пода́ть** цIакъ гIагарда, аскIобегIан; **быть под ~о́й** батулелъуб букIине; **взять себя́ в ~и** сабру гьабизе, рекIеда ватизе, жиндаго квершел гьабизе, гIодове вуссине; **наби́ ть ~у** ругъунлъизе; **наложи́ ть на себя́ ~и** жинцаго живго хвезавизе; **отби́ ться от рук** квердаса ворчIизе; **уме́лые ~и** махщел бугел кверал; **вла́стная ~а́** къвакIараб квер; **ма́стер на все ~и** сундуего устар, бокьараб устарлъи, махщел жиндилъ бугев чи; **как без ру́к** квер бекун хутIун вуго; щибниги гьабизе кIолеб жо гьечIо; **из рук вон пло́хо** цIакъ квеш, кIигIан кIваниги квеш (*буго*); **вали́ться из рук** иш билъгъунгутIизе, гьабулеб жо данде билъгъунгутIизе

РУКА́В *м* 1) (*одежды*) къвал 2) (*реки*) гIаркъел; ~ **Во́лги** Волгаялъул гIаркьел 3) (*насос*) труба, мащу ◊ **рабо́тать спустя́ ~а́** тIаса-масаго хIалтIизе, кIвар гьечIого хIалтIизе

РУКАВИ́ Ц//Ы *м* (*ед.* **рукави́ ца** *ж*) квердаххелал ◊ **держа́ть в ежо́вых ~ах** цIакъго кьварун чIезаризе (*кьвари бихьизабизе*), чIинкъан рахъине риччачIого чIезаризе

РУКОВОДИ́ТЕЛЬ *м* нухмалъи гьабулев чи, бетIер; **кла́ссный ~** классалъул руководитель

РУКОВОДИ́ТЕЛЬНИЦА *ж* нухмалъи гьабулей гIадан, бетIер

РУКОВОДИ́ ТЬ *несов.* 1) *кем-чем* нухмалъи гьабизе, бетIерлъи гьабизе

РУКОВО́ДСТВО *с* **1.** (*по гл.* **руководи́ть**) нухмалъи, бетIерлъи гьаби **2**. *собир. (руководители)* бутIрул, хIакимзаби, тIадчагIи **3**. (*то, чем следует руководствоваться*) нухмалъи гьабулаго, жиндасан пайда босулеб жо, мугъчIвай гьабулеб жо **4**. (*справочник*) справочник, учебник (*щибниги лъазабизе*)

РУКОВО́ДСТВОВАТЬСЯ *несов. чем* гIамал гьабизе, нухмалъиялъе босизе; кьучIлъун, мугъ чIвалеб жолъун кквезе; ~ **в рабо́те инстру́кцией** хIалтIулъ инструкция кьочIое босизе, инструкциялда рекъон, хIалтIизе

РУКОВОДЯ́Щ//ИЙ, -ая, -ее нухмалъи гьабулеб, бетIерлъи гьабун нухда рачунеб; **~ие ка́дры** нухмалъи гьабулел кадраби; **~ие указа́ния** нухмалъиялъе ругел рихьизариял (*малъа-хъваял*)

РУКОДЕ́ЛИЕ *с* кверзул махшел (*руччабазул*), кверзул местIерлъи; хьухьун, букъун гьабулеб хIалтIи

РУКОДЕ́ЛЬНИЦА *ж* кверда махщел бугей гIадан, кверзул местIер, букъизе, угьине, хьухьине махщел бугей гIадан

РУКОДЕ́ЛЬНИЧАТЬ *несов. разг.* кверзул махщел хIалтIизабизе

РУКОМО́ЙНИК *м* умывальник (*кверал чурулеб жо*)

РУКОПА́ШН//ЫЙ, -ая, -ое: **~бой** гъорлъ журан, ярагъ гьечIого гьабулеб рагъ; *в знач. сущ* **.~ ая** *ж.* (*драка*) рагъ, кьабIей

РУКОПИ́СН//ЫЙ, -ая, -ое (*написанный от руки*) квералъ хъвараб; **~ый отде́л музе́я** музеялъул квералъ хъварал жал ругеб отдел; **~ый текст** квералъ хъвараб текст; **стари́ нные ~ые кни́ ги** цересел (некIсиял) квералъ хъварал тIахьал

РУ́КОПИСЬ *ж* рукопись, квералъ хъвараб жо; басмаялда бахьичIеб квералъ хъвараб асар

РУКОПЛЕСКА́НИЕ *с* хъатчIвай (*сундасаниги разилъи бихьизабун*)

РУКОПЛЕСКА́ТЬ *несов.* хъат чIвазе (*сундасаниги разилъи бихьизабизелъун*)

РУКОПОЖА́ТИЕ *с* квер бачин, хъваш-баш гьаби; **обменя́ -ться рукопожа́тиями** цоцазул кверал росизе

РУКОПРИКЛА́ДСТВО *с разг.* 1) жиндирго гъолбасалъ *сундуениги* нугIлъи гьаби 2) кьаби, тунки (*квераз), лъидениги* квер борхи

РУКОЯ́ ТКА, РУКОЯ́ ТЬ *ж* гIоркь; кверкъел; гIанкIва (*туманкIул*); тIагъи; ~ **плу́га** кутнал даккан, кутнагIоркь

РУЛЕВ//О́Й, -ая, -ое **1.** рулалъул; **~о́е колесо́** рулалъул гьоко (гор) **2**. рулевой, гамил руль кколев чи (*гама бачунев чи*)

РУЛЕ́Т *м* рулет *(гъат-гъат гьабун, гурун, жаниб щиб- щибниги жоги лъун гьабураб ролъул ялъуни гьанал квен)*

РУЛЕ́ТКА *ж* рулетка (1 *халалъи борцине тIад рикьалаби хъвараб гурараб чIоло;* 2 *гIарац бахине, бергьине хIалел оюназул цояб)*

РУЛИ́ТЬ *несов.* руль хIалтIизабизе, бачине, руль сверизабизе; ракьалдасан самолет бачине

РУЛО́Н *м* рулон (*кагътил, хамил ва ц. жемараб кIудияб михир гIадаб гури*)

РУЛЬ *м* руль (*гама, самолет, машина ва гь. рачине бугеб гургинаб гьоко, бер*); **пра́вить ~ём** руль хIалтIизабизе, рулалъ бачине

РУМЫ́Н *м* румынав, румынияв

РУМЫ́НКА *ж* румынай, румынияй

РУМЫ́НСКИЙ, -ая, -ое румыниязул, румыниязулаб; **~ язы́к** (*руманазул*) румыниязул мацI

РУМЫ́НЫ *мн.* румынал

РУМЯ́НА *мн.* гьурмада бахунеб багIараб релъен, багIар

РУМЯ́Н//ЕЦ *м* гьурмал багIараб кьер; **лицо́ залило́сь ~цем** гьумер багIа-багIарлъун бахъун бачIана

РУМЯ́НИ//ТЬ *несов. кого-что* 1) (*делать румяным*) багIарлъизабизе; **моро́з ~т лицо́** квачалъ гьумер багIарлъизабулеб буго 2) (*красить румянами)* багIар белъине, гьурмада багIар бахине

РУМЯ́НИТЬСЯ *несов.* 1) (*покрываться румянцем)* ба-гIарлъизе 2) (*краситься румянами)* жиндирго гьурмада багIар бахине

РУМЯ́Н//ЫЙ, -ая, -ое багIаркьераб, багIараб; **~ые щёки** багIарал кIаркьаби; **~ое я́блоко** багIараб гIеч

РУНО́ *с (шерсть овцы*) гIиял квас; **о́вцы с то́нким руно́м** тIеренаб квас бугеб гIи

РУ́ПИЯ *ж* рупия (*Индиялда гIарцул единица*)

РУ́ПОР *м* 1) гьаракь кIодо гьабулеб труба 2) *перен. лъилниги* идея, пикру жинца тIибитIизабулев чи

РУСА́К *м (заяц)* цIахIилгIанкI

РУСА́ЛКА *ж миф.* ралъдал меседу

РУСИ́ЗМ *м лингв.* русизм *(гIурус мацIалдаса росарал рагIаби ва сверелал*)

РУСИ́СТ *м* гIурус мацIалъул, литератураялъул ва культураялъул специалист

РУСИФИКА́ЦИЯ *ж* гIуруслъизаби, гIурусаллъун лъугьинари (*мацIалъул, гIадатазул рахъалъ*)

РУСИФИЦИ́РОВАТЬ *сов. и несов. кого-что* гIуруслъизабизе, гIурусаллъун лъугьинаризе

РУСИФИЦИ́РОВАТЬСЯ *сов. и несов.* гIуруслъизе, гIурусавлъун лъугьине *(мацI, гIадатал росизе)*

РУ́СЛ//О *с* 1) (*реки, ручья)* лъарамухъ, гIурумухъ; гIурул, лъарал нух 2) *перен. (направление)* нух; **жизнь вошла́ в норма́льное ~о** бетIербахъи букIине кколеб нухде бачIана; **идти́ по наме́ченному ~у** бихьизабураб, хIисабалде босараб нух ккун ине

РУСОВОЛО́СЫЙ, -ая, -ое канчIсурмияб рас бугев

РУ́ССКАЯ[1] *ж* гIурусай

РУ́ССКАЯ[2] *ж* (*народный танец*) гIурусазул халкъияб кьурди, *гьеб* кьурдул бакъан

РУ́ССК//ИЙ, -ая, -ое **1.** гIурусав **2**. гIурусазул, гIурус; **~ий язы́к** гIурус мацI; **~ ий наро́д** гIурус халкъ; **~ие ска́зки** гIурусазул маргьаби

РУ́СЫЙ, -ая, -ое канчIсурмияб

РУТИ́НА *ж* некIсиябщинаб къахIан ккун чIей, цIиялъукьа хIинкъи, хиса-баси бокьунгутIи

РУТИНЁР *м* некIсияб, басриябщинаб ккун чIарав чи

РУ́ХЛЯДЬ *ж собир. разг.* магъакь-кIачар; басри-магIияб, ракьанде рехараб жо

РУ́ХНУ//ТЬ *сов.* 1) гIодоб речIчIизе, рехун ине; **де́рево ~ло** гъветI чвархъ-мархъан гIодоб речIчIана; **дом ~л** рукъ биххун ана 2) *перен. (исчезнуть)* кIалагъоркье чIвазе, тIагIине; **мои́ наде́жды ~ли** дир хьул къотIана, анищал кIалагъоркье чIвана

РУЧА́ТЕЛЬСТВО *с* гьоркъчIей, тIадебоси (*жавабчилъи*)

РУЧА́//ТЬСЯ *несов.* гьоркьчIей гьабизе, жавабчилъи тIаде босизе; **я не ~юсь за него́** дица гьесул жавабчилъи тIаде босуларо

РУЧ//Е́Й *м* лъар; **лить слёзы в три ~я́** магIил лъарал тIезе, ищцлъун магIу чвахизе

РУ́ЧК//А *ж* 1) *уменьш. от* **рука́**[1)] 2) (*рукоятка*) гIоркь, тIагъи; кверкъел; **дверна́я ~а** нуцIил кверкъел; **~а ножа́** носол тIагъи 3) ручка (*пишущая*) (*хъвадарулеб*) ручка

РУЧН//О́Й, -ая, -ое 1) *в разн. знач.* кверзул, квералъ гьабураб; квералъ босулеб, тIадагъаб; **~ая рабо́та** кверзул хIалтIи; **~ые часы́** гъажалда (*рукьалда*) балеб сагIат; **~а́я шве́йная маши́на** кверзул машина (*букъарулеб*); **~о́й бага́ж** квералъ босулеб, тIадагъаб багаж 2) (*прирученный*) ругьунаб, квегъараб; **~о́й медве́дь** кверда ругьунаб ци ◊ **~ая прода́жа** кодосан бичи; рецепт гье-чIого аптекалда дараби ричи

РУ́ШИТЬ *несов. что (валить на землю)* биххизабизе, тIа-тIала ккезабизе

РУ́ШИ//ТЬСЯ *несов.* 1) (*разрушаться*) биххизе, тIатIала ккезе 2) *перен. (не осуществляться)* риххизе; **пла́ны ~лись** планал хвезе, риххизе

РЫ́Б//А *ж* ччугIа; **уди́ть ~у** ччугIа кквезе ◊ **как ~а в воде́** гьанта рекъон, эркенго, хIориниб къверкъ гIадин; **ни ~а, ни мя́со** нилъее мухь гуреб, чияе хьутI гуреб; **би́ться как ~а́ об лед** щибго пайда гьечIеб жоялъе гIоло вортанхъулев вукIине

РЫБА́К *м* чугIихъан; ◊ **~ ~а́ ви́дит издалека́** дун вазуневги дица вазуневги дида чабхикьан ваккаравго лъала; ябуялъ ябу ккола

РЫБА́ЛК//А *ж* ччугIа кквей; **уе́хать на ~у** ччугIа кквезе ине

РЫБА́ЦКИЙ, -ая, -ое, **рыба́чий,** -ья, -ье ччугIихъан-лъиялъул; **~ колхо́з** ччугIихъанлъиялъул колхоз

РЫБА́ЧИЙ, -ья, -ье ччугIихъанасулаб

РЫБА́ЧИТЬ *несов.* ччугIихъанлъи гьабизе; ччугIа ккун бетIербахъи гьабизе

РЫБА́ЧКА *ж* ччугIихъан, ччугIа кколей гIадан

РЫ́БИЙ, -ья, -ье ччугIил; **~ жир** ччугIил нах

РЫ́БН//ЫЙ, -ая, -ое 1) ччугIил, ччугIилаб; **~ый за́пах** ччугIил махI; **~ое ку́шанье** ччугIил квен 2) ччугIбузул; **~ые про́мыслы** ччугIбузул батагъал 3) (*богатый рыбой*) ччугIа гIемераб, ччугIа гьарзаяб

РЫБОВО́ДСТВО *с* ччугIа гIезаби (*хIоринир*)

РЫБОВО́ДЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое ччугIа гIезабия-лъулаб; **~ое хозя́йство** ччугIа гIезабулеб магIишат

РЫБОЛО́В *м* ччугIби кколев чи; ччугIихъан

РЫБОЛОВЕ́ЦКИЙ, -ая, -ое ччугIа кквеялъулаб; **~ий колхо́з** чугIа ккун магIишат гьабулеб колхоз; ччугIа кквеялъе бугеб

РЫБОЛО́ВН//ЫЙ, -ая, -ое ччугIа кколеб; **~ые се́ти** ччугIа кколел гьинал

РЫБОЛО́ВСТВО *с* ччугIа кквей, ччугIихъанлъи

РЫБОПРОМЫ́ШЛЕННОСТЬ *ж* кванил промышленнос-талъул, ччугIил консервал ва гь.ц. гьарулеб отрасль (*бутIа*)

РЫВО́К *м* 1) (*резкое движение*) туркIи́ 2) бакIлъи́ (*штанга*) борхиялъул аслияб къагIида (туркIизабун борхи)

РЫГА́ТЬ *несов.* гIупадизе, гIупал рахъизе (рехизе)

РЫГНУ́ТЬ *однокор. к* **рыга́ть**

РЫДА́НИ//Е *с* (*по гл.* **рыда́ть**) гIергIедун гIоди, гIек-гIекун гIоди; **разрази́ться ~ями** гIодун виччан тезе

РЫДА́ТЬ *несов.* гIек-гIекун гIодизе

РЫЖЕВОЛО́СЫЙ, -ая, -ое рас тогьилав, тIогьилаб рас бугев

РЫЖЕ́ТЬ *несов.* тIогьиллъизе

РЫ́ЖИЙ, -ая, -ое тIогьилаб расулав; рас тIогьилаб

РЫ́ЖИК *м бот.* 1) тIогьилккараб кьералъул гIурдахIан 2) тIогьилтIегь

РЫ́ЛО *с* сунтIур, хонех, куц (*хIайваналъул*); **свино́е ~** болъонил хонех

РЫ́ЛЬЦЕ *с* 1) *уменьш. от* **ры́ло** 2) *бот.* тIогьол хIур жанибе иналдалъун пихъ лъугьунеб тIогьокъвачIа 3) хIараялъул цебесеб бутIа *(пулемёталъул, гIарадаялъул)*

РЫ́НОК *м* 1) базар; **колхо́зный ~** колхоз базар 2) *эк.* рынок, бича-хиси тIибитIараб бакI; **вну́тренний ~** жанисеб рынок; **вне́шний ~** къватIисеб рынок

РЫ́НОЧН//ЫЙ, -ая, -ое 1) базаралъул, базаралдаса бичун босараб 2) *эк.* босиялда, бичиялда рекъон чIезабулеб (*багьа*)

РЫСА́К *м* гьелун бекерулеб чу, рисучу, рисуялда бекерулеб чу

РЫСИ́СТ//ЫЙ, -ая, -ое хехаб рисуялда бекерулеб; **~ые ло́шади** рисуялда хехго рекерулел чуял

РЫ´ СКАТЬ *несов. разг.* щибниги балагьизе добе-гьанибе бекеризе; шешкIезе; мурадго гьечIого, дове-гьаниве хьвадизе; гьадинго тира-сверизе; **он ры́щет по́ лесу** дов рохьов тирулев вуго; **ры́ скают по све́ту** дуниял сверулел руго

РЫСЦО́Й *нареч. разг.* гIисинаб гьелиялъ, гIисинаб куцалъ гьелун

РЫСЬ *ж (аллюр)* гьели

РЫ´ СЬЮ *нареч.* гьелун

РЫ́ТВИНА *ж* гьакиберазул мухъ, *гьез* бахъараб рахъ; цIадаца чурун лъугьараб рахъ

РЫТЬ *несов.* бухъизе; **~ кана́ву** канал бухъизе; **~ зе́млю** ракь бухъизе ◊ **~** *кому-л.* **я́ му** чияе гвенд бухъизе

РЫ´ ТЬСЯ *несов. в чем* 1) бухъаризе 2) *перен.* ваккаризе, гелгедизе, хъирщадизе; **~ в бума́гах** кагътал хъирщизе, кагътазулъ хъирщадизе; **он ры́лся в карма́нах** дов чвантинив ваккарулев вукIана (чунтби гелулев вукIана)

РЫХЛЕ́ТЬ *несов.* гьогьлъизе

РЫХЛЕ́НИЕ *с* гьогь гьаби, гьогьлъизаби

РЫХЛИ´ ТЕЛЬ *м* ракь гьогь гьабулеб алат, машина

РЫХЛИ́ТЬ *несов. что* гьогь гьабизе, гьогьлъизабизе; **~ зе́млю** ракь гьогь гьабизе

РЫ´ ХЛЫЙ, -ая, -ое 1) гьогьаб, тамахаб 2) *перен. разг.* гьацаб, чучаб, бошаб

РЫ´ ЦАРСКИЙ, -ая, -ое 1) рыцарасул, рыцарасулаб 2) (*самоотверженный*) бахIарчияб, бахIарчиясда рекъолеб

РЫ́ЦАРСТВО *с* 1) *собир.* рыцарал 2) рыцарлъи 3) *перен.* бахIарчилъи; гьабулеб ишалъулъ яхI бугольи, мурувалъи

РЫ́ЦАРЬ *м* 1) рыцарь (*Европаялда феодализмалъул заманалда дворян тайпаялъул аскарияв*) 2) чияр пикру, тIалаб-агъаз гьабулев, ракI гIатIидав, яхI-намус кIудияв чи

РЫЧА́Г *м* 1) могоро (*щибниги борхулеб*), борхаро 2) *перен. (средство)* иш бачине, билъльинабизе бугеб рес

РЫЧА́НИЕ *с* гIергIеди, руруди, гьаркьагьин, гIасияб гьаракь гьаби

РЫЧА́ТЬ *несов.* гIергIедизе, гIасиял гьаркьал гьаризе *(гIалхул жанаваралъ*); щцин бахъун, хъачIго кIалъазе, *лъиденити* ахIдезе

РЫ´ ЩУ, РЫ´ ЩЕШЬ *и т.д. наст. от* **ры́ скать**

РЬЯ´ НО *нареч.* цIакъ хIаракаталда, жигар бахъун, жигаралда

РЬЯ´ НЫЙ, -ая, -ое 1) (*усердный*) цIакъ хIаракатав, тIалаб бугев, ракIбацIцIадго тIаделъулев; тIаса вичIуларев 2) *разг. (резвый – о лошади*) хехаб, гьалагаб

РЮКЗА́К *м* рюкзак (*кIиябго гъежги ххун, мугъзада баччулеб сапаралъул таргьа*)

РЮ´ МКА *ж* рюмка, сурахIи

РЮШ *м* рюш (*обивка из сборчатой мягкой ткани*) рукIкIалаби (*сукIалаби*) гьарун (*сунданиги*) букъараб тамахаб ххамил чIоло

РЯБИ´ НА[1] *ж бот.* жакки, жокко

РЯБИ´ НА[2] *ж* 1) (*от оспы*) тIадерахъиялъ гьабураб (*тараб*) расен; 2) (*пятнышко*) гIуж, кIвекI

РЯБИ́НОВ//ЫЙ, -ая, -ое жаккидул; **~ая кора́** жаккидул макъар

РЯБИ́ТЬ *несов.* 1) *что (покрывать рябью*) гIисинал соролел карачелаз бацизе, карачелал лъугьинаризе; 2) (*об ощущении ряби, пестроты*) беразда цере гора-горал лъугьине, чарлъун бихьизе

РЯБО́Й, -а́я, -о́е 1) (*с рябинами*) тIадерахъиялъ гьумер басарав, къокIоца гьумер кварав 2) (*пестрый*) кIвекIчараб; **рябая́ ку́рица** кIвекIчараб гIанкIу 3) гIисинал карачелаз бацараб

РЯ´ БЧИК *м зоол.* гIанхва

РЯБЬ *ж* 1) (*на воде*) лъел гьумер сороди, *гьединаб сородиялъ лъугьинарурал* гIисинал карачелал 2) (*в глазах*) берда цере гора-горал лъугьин, берда цебе сур-сур лъугьин

РЯ́ВКАТЬ *несов. прост.* щцин бахъун, кутакалда ахIдезе; гIергIедизе

РЯ´ ВКНУТЬ *однокр. к* **ря́ вкать**

РЯД *м* 1) мухъ, кIер; **вы́ строились в** ~ мухъ гьабун чIана; **в пе́рвых ~а́х** цересел кьеразда 2) (*некоторое количество*) цо чанго, лъикIаланго; **~ пи́ сем** лъикIаланго кагътал 3) (*на рынке*) цого тайпаялъул къайи бичулел цого мухъда ругел гIисинал тукаби; **ры́бный** ~ ччугIбузул кьер (*ччугIа бичулеб кьер*) ◊ **в пе́рвых ~ах** тIоцересел кьеразда, церегIан; **из ~а вон (выходя́ щий)** гIадатияб гуреб, цогидаздаса цIакъго батIияб; **из ~а вон пло́хо** кигIан кIваниги квешго буго

РЯДА́МИ *нареч.* кьер-кьер гьабун, кьерал гьарун

РЯДИ́ТЬСЯ[1] *несов. разг. (наряжаться) (ретIел ретIун*) къачIазе, къачIа-кIатIазе

РЯДИ́ТЬСЯ[2] *несов. уст. (договариваться)* къотIи-къай гьабизе; тIаде босизе

РЯДОВО́Й, -ая, -ое **1.** 1) гIадатияб (*лъугьа-бахъин*) 2) мухъилав; **~ рабо́тник** мухъилав хIалтIухъан 3) *с.-х.* кьурдул (кьерал) гьарун бекьараб; **~ посе́в** кьерал гьарун бекьи **2**. *в знач. сущ.* **~** *м* солдат, мухъилав

РЯ́ДОМ *нареч.* аскIоб, хьолбохъ, гIагардегIан, гIагарда; **де́вочка се́ла ~ с ма́терью** яс эбелалда аскIой гIодой чIана; **где́-то ря́дом игра́ли на скри́пке** кибалиго гIагардегIан чагъана бачунеб букIана; **совсе́м** ~ хьолбохъ, аскIобго ◊ **сплошь и** ~ кисакибего

РЯЖУ´ СЬ[1,2] *1 л. ед. наст. от* **ряди́ ться**[1,2]

С

С (СО) *предлог* **1.** *с род. п.* 1) (*при обозначении места, предмета, от которого отделяется, отходит кто-что-л.)* **взять кни́гу с по́лки** хъорщодаса тIехь босизе; **шум с у́лицы** къотIносан хъуй; **упа́сть с ба́шни** сивуниса гIодове вортизе 2) (*при обозначении предмета или лица, от которого требуется или отнимается что-л.*) **получи́ть по рублю́ с челове́ка** чи рикIкIун, гъуруш босизе; **с са́мого мла́дшего** бищун гьитIинасдасан байбихьун 3) (*по причине чего-л.*) **с го́ря** ургъалица; **умере́ть со стыда́** нечон хвезе **2**. *с тв. п.* 1) (*при указании на совместимость, наличие чего-л., обладание чем-л.*) **обе́дать с това́рищами** гьалмагъзабигун цадахъ къаде кваназе; **с по́мощью** кумекалдалъун; **с пусты́ ми рука́ми** чIорогоял квералгун; кодоб-хъатикь жо гьечIого; **челове́к с тала́нтом** гьунар бугев чи; **коро́ва с о́стрыми рога́ми** лълъурдул бегIераб гIака **3**. *с вин. п. (приблизительно, почти)* **величино́й с кула́к** заргIанаб **4**. *с род. и тв. п. (о времени)* **с сего́дняшнего дня** жакъаялдаса байбихьун; **с утра́** радалалдаса нахъе

СВИНОМА́ТКА *ж* эбелаб болъон

СВИНОПА́С *м* болъоназул вехь

СВИНОФЕ́РМА *ж (свиноводческая ферма)* болъоназул ферма

СВИ́НСКИЙ, -ая, -ое 1) (*неопрятный*) хъубаб, болъоназул гIадаб 2) (*подлый*) хIалихьатаб, нахъегIанаб; **он поступи́л по-сви́нски** хIалихьатаб иш гьабуна дос

СВИ́ НСТВО *с разг.* хIалихьалъи, нахъегIанлъи; ягъзинлъи

СВИНТИ́ТЬ *сов. что разг.* бурав кьурун рекIинабизе (цолъизабизе)

СВИНЦО́В//ЫЙ, -ая, -ое 1) тIухьидул; **~ая пу́ля** тIухьидул гулла 2) (*о цвете*) бецIаб, бецIхъахIилаб; тIухьидул кьераб; **~ые ту́чи** бецIал накIкIал

СВИ́ НЧИВАТЬ *несов. см.* **свинти́ ть**

СВИНЬ//Я́ *ж* болъон ◊ **подложи́ ть ~ю́** хиянатаб жо гьабизе, хIалихьатаб жо гьабизе

СВИРЕ́ЛЬ *ж* щвантIих

СВИРЕПЕ́ТЬ *несов.* гурхIел тIагIун лъугьине, тIури щвезе; кутакалда щцидахине; балканахине

СВИРЕ́ПОСТЬ *ж* гурхIел гьечIолъи, кутакалда щцидахин

СВИРЕ́ПСТВОВАТЬ *несов.* 1) гурхIел тун иш гьабизе 2) кутакалда, хIаталдаса ун пузе (*гьури*); гьалаглъизе (*ралъад*), тIибитIизе, щцидаллъизе (*унти*)

СВИРЕ́ПЫЙ, -ая, -ое 1) (*жестокий, злой*) рахIму лъугIараб, гурхIел тараб; квешаб 2) *перен. (очень сильный)* кутакаб, кьвараб; ~ **моро́з** кутакаб квач

СВИ́ СНУТЬ *сов.* далун букIине

СВИСТ *м* гьи́штIи *(чиясул, гьорол, хIанчIазул)*

СВИСТА́ТЬ *несов. см.* **свисте́ть**; **~ всех наве́рх!** (*вызов экипажа корабля)* киналго тIаде ахIе!

СВИСТЕ́ТЬ *несов.* 1) гьештIезе, гьиштIунаку бачине 2) бакънал рачине (*хIанчIаз*)

СВИ́ СТНУТЬ *сов.* 1) *однокр. к* **свисте́ть** 2) *кого-что прост. (украсть)* бикъизе; жунизабизе, 3) *перен.* бан (кьабун) биччан тезе

СВИСТО́К *м* 1) гьештIеро 2) гьиштIулеб гьаракь; **раздался ~** гьиштIулеб гьаракь бахъана

СВИСТУ́ ЛЬКА *ж разг.* лъималазул гьештIеро

СВИСТУ́ Н *м разг.* гьештIерухъан

СВИСТЯ́ ЩИЙ, -ая, -ее гьештIолеб

СВИ́ ТА *ж (сопровождающие лица)* 1) чукъа-рахьан 2) *перен.* кидаго цадахъ рукIунел, ричIуларел чагIи, чукъа-рахьан

СВИ́ ТЕР *м* свитер, хьухьараб квасул гурде

СВИ́ ТОК *м* гурараб мащу гIадаб кагъат, ххам, пергамент

СВИТЬ *сов. что* 1) хьухьине, кьуризе; ~ **верёвку** квар хьухьине, кьуризе 2) кьурун, хьухьун гьабизе; ~ **вено́к** хьухьун тIугьдузул гор гьабизе

СВИ́ТЬСЯ *сов.* 1) (*свернуться трубкой, кольцом, клубком)* гурун ун чIезе 2) (*сплестись друг с другом*) жем-жемизе

СВИХНУ́ ТЬСЯ *сов. разг.* 1) (*сойти с ума*) гIадаллъизе 2) (*сбиться с правильного жизненного пути*) къосине

СВИЩ *м* 1) гъая 2) унтараб лагаялда лъугьараб каратI

СВОБО́Д//А *ж* 1) эркенлъи; ~ **сло́ва** ragIye эркенлъи; ~ **печа́ти** газетал-журналазе эркенлъи, гIурхъи чIвачIолъи 2) парахалъи, бокьараб гьабизе бугеб рес; **борьба́ за ~у и незави́симость** чияда раралълъун гьечIолъиялъе ва эркенлъиялъе гIоло къеркьей; **лише́ние ~ы** эркенлъиялдаса махIрум гьари

СВОБО́ДНО 1. *нареч.* 1) (*независимо*) эркенго, эркенаб кучалда 2) (*без затруднений*) бокьараб хIалалда, жиндиего бокьухъе, парахатго, лъикI; ~ **говори́ть по-ру́сски** гIурус мацI лъикI лъазе, гIурус мацI эркенго бицине; **2**. *в знач. сказ. безл. (просторно)* гIатIидго (буго); **в до́ме** ~ рокъоб гIатIидго буго

СВОБО́ДН//ЫЙ, -ая, -ое 1) эркенаб; **~ый наро́д** эркенаб халкъ 2) (*независимый, непринужденный*) жиндирго квершел жиндихъго бугеб; **я челове́к ~ый** дун вуго бокьухъе вугев, парахатав чи 3) (*незанятый*) чIобогояб, цоги чияс кквечIеб, гIодоб бугеб, хIалтIулеб гьечIеб, кквечIеб, бошго бугеб; тIокIаб, нахъе лъураб; **нет ~ых де́нег** гIодоб лъураб гIарац гьечIо; **~ое ме́сто** чIобогояб бакI; **~ая маши́ на** цогияс ккун гьечIеб машина 4) (*просторный*) гIатIидаб; ~ **костю́м** гIатIидаб костюм 5) (*незатрудненный*) бигьаяб, квалквал гьечIеб; **~ое дыха́ние** бигьаяб хIухьел боси ◊ **~ая профе́ссия** эркенаб махщел (*хъвадарухъанлъи, хъулухъалда гьечIев гIакълияб хIалтIул чи*)

СВОБОДОЛЮБИ́ ВЫЙ, -а, я, -ое эркенлъи бокьулев

СВОБОДОЛЮ́ БИЕ *с* эркенлъи бокьи

СВОБОДОМЫ́ СЛИЕ *с* пикру гьабиялъулъ эркенлъи, эркенаб пикру букIин

СВОБОДОМЫ́СЛЯЩИЙ, -ая, -ее эркенаб пикруялъул, пикру эркенав

СВОД *м* 1) (*совокупность*) 1) цойиде бакIари, цойиде данде гьабураб жо; мажмугI, свод; ~ **зако́нов** цойиде ракIарарал законал**,** законазул свод 2) (*перекрытия*) кIамури

СВОДИ́ТЬ[1] *сов. кого-что* бачун щвезабизе; ~ **дете́й в теа́тр** лъимал театралде рачине; *кирениги* щвезаризе ва нахъе рачине

СВОДИ́ ТЬ[2] *несов. см.* **свести́** ◊ **не ~ глаз** бер тIаса босунгутIизе

СВОДИ́ ТЬСЯ *несов.* 1) *см.* **свести́ сь** 2) *к чему (заключаться в чем-л.):* **де́ло сво́дится к сле́дующему** иш гьаб хадуб рехсаралде бачIунеб буго (иш хадуб рехсовухъе буго)

СВО́ДКА *ж* сводка (*кинал ругониги баянал данде кIутараб, росараб документ*);◊ **о хо́де се́ва** рекьул иналъул сводка (баянал)

СВО́ДНИК *м* гьоркьохъан

СВО́ДНИЧАТЬ *несов.* гьоркьохъанлъи гьабизе

СВО́ДНИЧЕСТВО *с* гьоркьохъанлъи

СВО́ДН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*суммирующий*) хIасил босараб, киналъулго хIасиллъун бугеб; ~ **отчёт** кинабго данде босараб отчет; **~ая табли́ца** хIасилаб таблица 2) (*составленный из частей*) цойиде данде бакIарараб, цойиде данде гьабураб, батIибатIиял материалал, бутIаби цойиде ракIарараб; ~ **бата́льон** цойиде кIутIараб батальон 3) (*о родственнике*) ~ **брат** бесдал вац, эбел яги эмен батIияв вац; **~ая сестра́** бесдал яц, эбел яги эмен батIияй яц

СВО́ДНЯ *ж разг.* гьоркьохъан, гьоркьохъанлъи гьабулей гIадан

СВО́ДЧАТЫЙ, -ая, -ое кIамури гIадин гьабураб, кIамрахараб; кIамури ккараб; ~ **потоло́к** кIамури ккараб мокърукьбакI

СВОЁ *с см.* **свой**

СВОЕВЛА́СТИЕ *с* жиндиего бокьа-бокьараб гьаби, жиндиего бокьухъе иш гьаби, жиндирабго билъльинаби

СВОЕВО́ЛИЕ *с* бокьа-бокьараб гьаби, копоего бокьа-бокьараб гьаби

СВОЕВО́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое жиндие бокьухъе гьабулев, жиндирго кеп-гьаваялда рекъон хьвадулев; ~ **посту́пок** цогидазухъ гIин тIамичIого жиндиего бокьухъе гьабураб иш

СВОЕВРЕ́МЕНН//ЫЙ, -ая, -ое ригьда гьабураб, ригьда лъугьунеб, жиндир гIуждасеб; **~ая по́мощь** жиндир гIужда щвараб, гьабураб кумек; ~ **прихо́д** ригьда вачIин, вачIине кколеб гIужалда вачIин

СВОЕНРА́ВИЕ *с* согIлъи, жиндиего бокьараб гурони гьабунгутIи

СВОЕНРА́ВНЫЙ, -ая, -ое тамашаяб хасияталъул, согIав, жиндирабго гурони баккизе толарев, тIабигIат батIияв

СВОЕОБРА́ЗИЕ *с* батIалъи, батIияб тIабигIат букIин, цогидалда релъльинчIолъи

СВОЕОБРА́ЗНЫЙ, -ая, -ое батIияб хасияталъул, гIадатаб гуреб, гIадаталдаса бахъараб, тамашаяб хасият бугеб, батIияб гIамал бугеб

СВОЗИ́ ТЬ[1] *сов. кого-что разг. (отвезти куда-л. и привезти обратно*) баччун щвезабизе, бачун щвезабизе

СВОЗИ́ ТЬ[2] *несов. см.* **свезти** 2, 3

СВОИ́ *мн. см.* **свой**

СВО//Й́ *мест. притяж.* (**~я́** *ж*, **~ё** *с*, **~и́** *мн.*) 1) дурго, дирго, нужерго, нижерго; **возьми́ ~ карандаш** дурго къалам босе; **я дам ~ю́ кни́ гу** дирго тIехь кьела дица 2) жиндирго, жидерго; **он**

отда́л ~и́ де́ньги дос жиндирго гIарац кьуна ◊ **назва́ть ве́щи ~и́ми имена́ми** хIакъикъат балъго гьабичIого, битIухъе, бугеб куцалда абизе; бугелда бугеб абизе; хIамида-хIама, чода-чуян абизе; **не в ~ём уме́** гIантал жал гьаризе, гIадаллъизе; **сам не ~й** агълъун вуго, рекIеда гьечIо

СВО́ЙСТВЕННЫЙ, -ая, -ое хасиятлъун бугеб, хасиятаб

СВО́ЙСТВО *с* хасият, тIабигIат, гIамал; **целе́бные ~а исто́чника** лъадал унти сахлъизарулел хасиятал

СВОЙСТВО́ *с (родство не по крови)* ригьнал рахъалъан ккараб гIагарлъи, ригьнал гIагарлъи

СВО́ЛОЧЬ *ж груб.* угъраш; угърашал (*квешав, нахъегIанав, хIалихьатав чи, чагIи*)

СВОЛО́ЧЬ *сов. кого-что* 1) цIан тIаса бахъун реххизе, бехъерхъун гъоркье бахъизе, бачине 2) бехъерхъун добегIан босизе; рехъерхъун данде-гъанде гьаризе, цо бакIалде рачине

СВО́РА *ж собир.* 1) (*стая собак*) гьабзазул рехьед (*цо хозяинасул*) 2) чанил гьой хадуб цIалеб чIоло 3) *перен.* гIадамазул нахъегIанаб къокъа

СВОРА́ЧИВАТЬ *несов. см.* **сверну́ть, свороти́ть**

СВОРА́ЧИВАТЬСЯ *несов. см.* **сверну́ться**

СВОРОТИ́ ТЬ *сов. разг. 1) кого-что (сдвинуть с места)*) чIараб бакIалдаса кьуризабизе, багъаризабизе; **ка́мень ~** бугеб бакIалдаса гамачI багъаризабизе 2) (*свернуть с дороги*) нухдаса батIияб рахъалде сверизе

СВОЯ́ *ж см.* **свой**

СВОЯ́ К *м* бажа, хвенч (*чIужуялъул яцалъул рос*)

СВОЯ́ ЧЕНИЦА *ж* чIужуялъул яц

СВЫКА́ТЬСЯ *несов. см.* **свы́ кнуться**

СВЫ́КНУТЬСЯ *сов. с кем-чем сундениги-лъидениги* ру-гьунлъизе, *цо щибниги* иш гIадатлъун лъугьине; **~ с но́вой обстано́вкой** цIияб ахIвал-хIалалде ругьунлъизе

СВЫСОКА́ *нареч.* гIамал кIодого, пахруго, тIаса гъоркье; **смотре́ть ~** (*на кого-л.) лъихъниги* тIаса гъоркье, чIухIун, пахруго валагьизе

СВЫ́Ы ШЕ I. *нареч.* 1) (*от высших властей*) тIадехунисел хIакимзабаздасан; **по предписа́нию ~** тIадехунисел хIакимзабазул буюрухъалда рекъон 2) *уст. (с небес)* Аллагьасдасан **2**. *предлог с род. п.* цIикIкIун; **~ ста челове́к** нусго чиясдаса цIикIкIун; **~ трехсо́т киломе́тров** лъабнусгоялдаса цIикIкIун километр

СВЯ́ ЗАНН//ЫЙ, -ая, -ое 1) бухьараб; **со ~ыми рука́ми** рухьун квералгун (рухьарал квералгун) 2) (*затруднённый*) эркенго бачIунареб, чвахун бачIунареб (*калам)* 3) цогидалда жиб бухьараб, хурхараб; **вопро́с, ~ с нау́кой** гIелмуялда хурхараб суал 4) бахчараб хIалалда бугеб

СВЯЗА́ТЬ *сов. что* 1) (*соединить концы*) цоцада бухьинабизе, хурхинабизе; **~ концы́ верёвки** кварил кIалал данде рухьине 2) *что (перевязать, увязать)* рухьине; **~ кни́ ги верёвкой** тIахьал кварица рухьине; **~ всё в у́зел** кинабго, гарацI ккезабун, бухьине 3) *кого-что* бухьине; **~ престу́пника** хиянатчи вухьине; **~ ру́ки** кверал рухьине 4) *что (установить сообщение)* бухьен букIинабизе; **~ село́ с го́родом доро́гой** росдалги шагьаралъулги бухьен нухалдалъун букIинабизе; 5) *что с чем (сочетать, связать)* данде ккезабизе, бухьен гьабизе, бухьинабизе; **~ ли́ чные интере́сы с обще́ственными** напсиялги жамгIиялги мурадал данде ккезаризе; **связа́ть оди́н вопро́с с други́м** цо суал цогидалда бухьинабизе; **судьба́ связа́ла их** къисматалъ рухьинаруна гьел цоцада; **не уме́ет связа́ть двух слов** кIиго рагIи цоцада бухьинабун (*рекIинабун*) бажаруларо 6) *что с чем (установить зависимость от чего-л.)* цояб цоялда базабизе, бухьинабизе; **ты не свя́зывай э́то с други́м де́лом** дуца гьеб батIияб ишалда базабуге 7) *что (изготовить вязкой)* хьухьине; **~ носки́** щватаби хьухьине

СВЯЗА́ТЬСЯ *сов. с кем-чем* 1) (*соединяться друг с другом)* цоцада рухьине; **альпини́сты связа́лись друг с дру́гом верёвкой** альпинистал цоцада кварица рухьана 2) (*установить связь*) бухьен гьабизе; **~** *с кем-л.* **по телефо́ну** телефоналдасан бухьен гьабизе 3) *разг. (вступить в отношения)* гьоркьоблъи гьабизе (*къваригIел гьечIел чагIазулгун*); **заче́м ты связа́лся с ним?** гьесулгун бухьен, гьоркьоблъи щай дуца гьабураб?

СВЯЗИСТ *м* бухьеналъул хIалтIухъан

СВЯЗИ́ СТКА *ж* бухьеналъул хIалтIухъан

СВЯ́ЗК//А *ж* **1.** (*по гл.* **связа́ть**) бухьин; цолъизаби **2.**цо бухьараб жо; **~ книг** тIахьазул цо бухьараб жо; цойиде руссинарун рухьарал жал; **~ ключе́й** цоцада рухьарал кIулал **3**. *грам.* кумек глагол (*составияб сказуемоялъул бутIалъун кколеб)*

СВЯ́ ЗНО *нареч.* цоцада бухьун; хадуб-цебе гъун; **говори́ ть ~** цоцада бухьун, хадуб-цебе бачIун абизе, бицине

СВЯЗНО́Й *м воен.* связной (*рагъда цогидал частазулгун хурхен цIунизе витIулев рагъухъан*)

СВЯ́ ЗНЫЙ, -ая, -ое цоцада бухьен бугеб, цоцада бухьараб; **~ расска́з** бутIабазул бухьен бугеб хабар

СВЯЗУ́ЮЩИЙ, -ая, -ее жиндица бухьен ккезабулеб; бухьеналъе бугеб; цолъизабиялъе бугеб

СВЯ́ ЗЫВАТЬ *несов. см.* **связа́ть**

СВЯ́ ЗЫВАТЬСЯ *несов. см.* **связа́ться**

СВЯЗ//Ь *ж* 1) (*взаимные отношения, взаимная зависимость*) бухьен, хурхен; **торго́вые ~и** бича-хисиялъулал бухьенал; **ро́дственные ~и** гIагарлъиялъулал бухьенал; **причи́нная ~ь** гIиллаялъулаб бухьен; **~ь тео́рии и пра́ктики** теориялъулги практикаялъулги бухьен; **~ь с наро́дом** халкъалъулгун бугеб бухьен 2) (*тесное общение*) гьуинлъи 3) (*любовная*) рокьи 4) (*средство сношения*) бухьен; **телефо́нная ~** телефоналъулаб бухьен 5) (*совокупность учреждений*) бухьен; **рабо́тники ~и** бухьеналъул хIалтIухъаби; **конто́ра ~и** бухьеналъул контора ◊ **в ~и́** *с чем-л.* гьелдалъун, гьелда бан

СВЯ́ТО *нареч.* караматго, бацIцIадго, кутакаб хIурматалда; кьуричIого, биххизе биччачIого; **~ храни́ть в па́мяти** караматго рекIелъ цIунизе

СВЯТ//О́Й, -ая, -ое **1.** бищун хирияб, бищун рекIее бацIцIадаб, бищунго рекIее кIудияб; **~ долг** бищун бацIцIадаб борч **2**. *в знач. сущ.* **~о́й** *м рел.* шайих, вали, карамалъи бугев чи

СВЯТОТА́ТСТВО *с* 1) *рел.* дин, Аллагь хIакъир гьави; диналде, Аллагьасде хьандей 2) *перен.* хIурмат цIикIкIараб, хIурмат гьабулеб ва щибниги хирияб жо инжит гьаби

СВЯТО́ША *м, ж. рел.* рихьдае дин гьабулев чи; кIигьумерав чи; лъикIавилан ккезе жал-жал гьарулев чи

СВЯТЫ́ НЯ *ж* 1) зиярат 2) цIакъ хирияб, кутакалда хIурмат цIунулеб жо

СВЯЩЕ́ННИК *м рел.* кашиш

СВЯЩЕННОДЕ́ЙСТВОВАТЬ *несов.* намаз гьабизе, дугIаалхIан гьабизе

СВЯЩЕ́ННОСЛУЖИТЕЛЬ *м* мулла, къади, имам, епископ (*динияб цIар бугев чи*)

СВЯЩЕ́НН//ЫЙ, -ая, -ое 1) *рел.* динияб, бацIцIадаб; **~ые кни́ ги** диниял тIахьал 2) рекIее цIакъ хирияб, ракIалъе бацIцIадаб; **защи́ та оте́чества – свяще́нный долг** ватIан цIуни буго бацIцIадаб борч ◊ **~ая война́** кIудияб, тIадегIанаб мурадалда гьабулеб рагъ; **~ые рубежи́ на́шей ро́дины** нилъер ватIаналъул риххизе, хъа-тIизе, хисизаризе бегьуларел гIорхъаби

СГИБ *м (место)* сукIи́, сукIел; сукIараб бакI; **~ коле́на** накалзул сукIи́

СГИБА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **согну́ть(ся)**

СГИ́ НУТЬ *сов. разг.* тIагIине, цевеса вилизе, цевеса хьвазе, вахчизе; хвезе

СГЛА́ДИТЬ *сов. что* 1) битIизабизе, битIа-бишизабизе; **~ неро́вности** цокIаллъи гьечIел бакIал ритIизаризе; **~ морщи́ны** (*гьурмал*) рукIкIалаби тIагIинаризе 2) *перен. (смягчить):* **~ противоре́чия** дандеккунгутIиял дагьлъизаризе, кIодо гьаричIого тезе

СГЛА́ДИТЬСЯ *сов.* 1) битIа-бишизе, ритIа-ришун ине (*сукIарал, рукIкIарал бакIал*) 2) *перен.* тамахлъизе, загIиплъизе

СГЛАЗ *м* бе́рккей

СГЛА́ЗИТЬ *сов. кого-что и без доп. разг.* бер ккезе

СГЛУПИ́ ТЬ *сов. разг.* гIантаб жо гьабизе, гIантлъи биччазе

СГНИВА́ТЬ *несов. см.* **сгни́ ть**

СГНИ́ ТЬ *сов.* туризе, турун лъугIизе

СГНОИ́ ТЬ *сов.* 1) *что* рецIцI хурхинабизе, хьордозабизе 2) *кого, что* (*испортить*) хвезабизе, туризабизе

СГОВА́РИВАТЬСЯ *несов. см.* **сговори́ ться**

СГО́ВОР *м* **1.** (*соглашение*) *бегьулареб иш гьабизе* гъоркьан балъгояб къотIи гьаби **2**. рагIи бицин (*яс кьезе гьабураб къотIи*)

СГОВОРИ́ ТЬСЯ *сов. с кем* 1) къотIи-къай гьабизе, разилъизе; ~ **о встре́че** данделъизе къотIи-къай гьабизе 2) рагIи данде ккезе; **с ним тру́дно** ~ досулгун рагIи данде ккезабизе захIмат буго

СГОВО́РЧИВЫЙ, -ая, -ое рагIи данде кколев, рагIи данде ккезабизе бигьаяв, бигьаго разилъулев; ~ **челове́к** рагIи данде ккезабизе бигьаяв чи

СГОНЯ́ ТЬ *несов. см.* **согна́ть**

СГОРА́НИ//Е *с* рекIин (*цIа*); бухIи ◊ **дви́гатель вну́т-реннего ~я** жаниб цIа рекIун хIалтIулев двигатель (*мотор*)

СГОРА́ТЬ *несов. см.* **сгоре́ть**

СГО́РБИТЬ *сов. что* мугъало ккезабизе, къулизабизе, гьодилъа къулизабизе

СГО́РБИТЬСЯ *сов.* (*о старости и т.п.*) гьод рехизе, мугъало ккезе, къулизе, гьодилъа къулизе

СГО́РБЛЕННЫЙ, -ая, -ое гьодилъа къулараб, гьод рехараб

СГОРЕ́//ТЬ *сов.* 1) бухIизе, цIаялъ бухIун хвезе; **дом ~л** рукъзал рухIана 2) (*сгнить – о зерне, сене*) цIаккан хвезе; цIа-ккине; **хлеб ~л в закро́ме** цагъриниб тIорщел цIаккан хвана 3) *перен.* гваргъан рекIине; бухIун бахъине; ◊ ~ **со стыда́** нечон хвезе, нечеялъ багIарлъун ваxъине

СГОРЯЧА́ *нареч.* гIедегIалихъе, хехдариялъ, гьалаглъиялъ

СГРЕБА́ТЬ *несов. см.* **сгрести**

СГРЕСТИ́ *сов.* 1) *что (в кучу)* хъвагIан, лъухьун, хачан данде бакIаризе; ~ **се́но** хер ххазе; ~ **снег в ку́чу** гIазул гъуни гьабизе 2) *что (сбросить)* хъаштIизе, рехизе; ~ **снег с кры́ши** тIохдаса гIазу хъаштIизе, гIазу рехизе

СГРУДИ́ТЬСЯ *сов.* гохI ккезе; руккел лъугьине, гIемераб къадар данделъизе; ~ **у вхо́да** рагьдухъ руккел лъугьине

СГРУЖА́ТЬ *несов. см.* **сгрузи́ ть**

СГРУЗИ́ТЬ *сов. кого-что* (*снять груз*) *сундасаниги* къайи бахъизе, чIехьезе; ~ **това́ры с су́дна** гамидаса къайи бахъизе, гъоркье босизе; бахъулеб къайи *кибниги* лъезе

СГРУППИРОВА́ТЬ *сов. кого-что* группаби, къокъаби гьаризе, тIела-тIелал лъугьинаризе

СГРУППИРОВА́ТЬСЯ *сов.* группаби, къокъаби лъугьине; тIела-тIелал лъугьине

СГРУППИРО́ВЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **сгруппирова́ть(ся)**

СГРЫЗТЬ *сов. что* букъун, бекун, къунцIун (*цабзаз*) квине; ~ **оре́хи** цIулакьо цабзаз бекун кваназе; ~ **кость** ракьа букъизе

СГУСТИ́ТЬ *сов. что* 1) бакъва гьабизе, бакъвалъизабизе 2) данде къазабизе, цоцалъ гъункизабизе ◊ ~ **кра́ски** *щибниги жо* кIодо гьабизе, кIодо гьабун бицине

СГУСТИ́ //ТЬСЯ *сов.* бакъвалъизе; бакъвалъун ине; **су́мерки ~лись** маркIачIудаса унеб буго (*бецIлъулеб буго*) ◊ **ту́чи ~лись** *над кем-чем лъие бугониги* хIинкъи буго, къварилъи, балагь тIаде бачIунеб буго

СГУ́СТОК *м сундулниги* бетараб, бакъвалъараб кесек; ~ **кро́ви** бидул къент

СГУЩА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **сгусти́ ть(ся)**

СГУЩЕ́НИЕ *с* бакъвалъи; бакъвалъизаби, бакъва гьаби

СГУЩЁНН//ЫЙ, -ая, -ое бакъвалъизабураб, бакъва гьабураб

СДА́БРИВАТЬ *несов. см.* **сдо́брить**

СДАВА́ТЬ *несов. см.* **сдать**

СДАВА́ТЬСЯ[1] *несов. см.* **сдаться**[1]; **не** ~ кверде инчIого вукIине; мутIигIлъичIого, мукIурлъичIого вукIине

СДА//ВА́ТЬСЯ[2] *несов. разг.* ракIалде ккезе, пикруялъ хIисаб гьабизе; **мне ~ётся, что он хо́чет уе́хать** гьесие ине бокьун бугилан ракIалде кколеб буго дида; **мне ~ётся, что он прав** дида дов витIун вугилан ккола (*кколеб буго*)

СДАВИ́ //ТЬ *сов.* 1) *кого-что* гьоркьобе ккезабун, къазе; данде къазе 2) *что (горло, грудь и т.п.)* данде къазе, тIаде цузе

СДА́ВЛЕНН//ЫЙ, -ая, -ое (*приглушённый*) гъугъаб, гьанкъулеб гIадаб; **он говори́т ~ым го́лосом** гьев гьанкъулеб гIадаб гьаракьалъ кIалъала; ~ **крик** жаниб гьанкъараб, гъугълъизабураб гьаракь, ахIи

СДА́ВЛИВАТЬ *несов. см.* **сдави́ ть**

СДА́ИВАТЬ несов. см. **сдои́ ть**

СДА//ТЬ *сов.* 1) *кого-что* кьезе; ~ **докуме́нты в архи́ в** документал архивалде кьезе; ~ **ве́щи на хране́ние** къайи цIунизе кьезе 2) *что (отдать внаем)* ижараялъ кьезе; ~ **ко́мнату** рукъ ижараялъ кьезе, рокъов чи тезе 3) *что (неприятелю)* дандечIейги къотIизабун, кьезе; ~ **го́род** шагьар (*тушманасухъе*) кьезе 4) *что* кьезе; ~ **экза́мен** экзамен кьезе 5) *что* рикьизе (*хIалел кагьтал*) ~ **ка́рты** кагьтал рикьизе 6) *что, в чем и без доп. разг.* кьезе, чучизе; **боре́ц ~л к концу́** гугарухъан ахиралде чучана; хьадарлъизе, чухьарлъизе; **мото́р ~л** мотор хьадарлъана; тату хвезе, хIужат хвезе; ~ **в рабо́те** хIалтIулаго тату хвезе ◊ **он сдал по́сле боле́зни** унтаралдаса хадуб досул тату хвана

СДА́ТЬСЯ[1] *сов.* кверде ине, кверде рачIине; къун чIезе, мукIурлъизе; чухьарлъизе, чучлъизе; **не** ~ **врагу́** тушманасул кверде инчIого вукIине; **не ~!** (мун) чучуге!

СДА́ТЬСЯ[2] *сов. кому прост. (понадобиться)* къваригIине, хIажалъизе; **на что тебе́ э́ то сдало́сь?** сундуе, щай дуе гьеб къваригIараб?

СДА́Ч//А *ж* **1.** (*по гл.* **сдать**) 1) кьей 2) (*внаем*) ижараялъ кьей 3) (*капитуляция*) кодобе кьей 4) рикьун щварал кагьтал (*хIалел кагьтал*) 5) *чIахIияб гIарац кьедал,* нахъ буссинабизе кколеб гIарац, сдача; **получи́ть ~у** сдача босизе ◊ **дать ~и** жаваб кьезе (*кьабураб заралъе, инжит гьавиялъе*)

СДВА́ИВАТЬ *несов. см.* **сдвои́ ть**

СДВИГ *м* **1.** (*по гл.* **сдви́нуть**) бугелъуса багъаризаби **2**. (*по гл.* **сдви́нуться**) бугелъуса багъари **3**. (*в работе, в науке*) цебетIей, мадар лъугьун, хисун цебе гьункьи; **~и в рабо́те** хIалтIулъ цебетIей

СДВИГА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **сдви́ нуть(ся)**

СДВИ́НУТЬ *сов. кого-что* 1) (*с места)* бугелъуса добегIан яги аскIобегIан цIазе, багъаризабизе 2) (*сблизить*) цоцада аскIорегIан цIазе, цоцада цузаризе; ~ **столы́** столал цоцада цузаризе; ~ **бро́ви** нодо букIкIинабизе (*рази гьечIолъи, гIажаиблъи загьир гьабун*)

СДВИ́ НУТЬСЯ *сов.* 1) (*сместиться)* бугелъуса багъаризе 2) (*сблизиться*) цоцада аскIоре гIагарлъизе, цоцада цузе

СДВОИ́ТЬ *сов. что* кIилъизабизе, кIичIван цолъизабизе; кIиркъизе (*дургъараб кун*); кIицIул бегизе (бекьизе)

СДЕ́ЛАТЬ *сов. что* гьабизе; ~ **оши́ бку** гьалатI гьабизе; ~ **по-сво́ему** жиндиего бокьухъе гьабизе; ~ **свои́ м помо́щником** жиндирго кумекчилъун гьавизе

СДЕ́ЛАТЬСЯ *сов. кем-чем (стать)* лъугьине, ваxъине; ~ **писа́телем** хъвадарухъанлъун лъугьине; ~ **дире́ктором** директорлъун ваxъине

СДЕ́ЛК//А *ж (соглашение)* 1) къотIи-къай; **заключи́ть ~у** къотIи-къай гьабизе 2) гъоркьан рагIи рекъей (*квешаб ишалъе*); **~а с со́вестью** намусалда данде кколареб жо гьаби

СДЕ́ЛЬНО *нареч.* гьабураб хIалтIухъ балагьун мухь кьезелъун; **рабо́тать** ~ гьабураб хIалтIул къадаралда рекъон мухь кьезелъун (*босизелъун*) хIалтIизе

СДЕ́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое гьабураб хIалтIул къадаралде балагьун мухь кьолеб; **~ая опла́та труда́** гьабураб хIалтIул къадаралде балагьун мухь кьей

СДЕ́ЛЬЩИК *м* гьабураб хIалтIухъ балагьун мухь босун хIалтIулев чи

СДЕ́ЛЬЩИНА *ж разг.* гьабураб хIалтIул къадаралде балагьун мухь кьолеб къагIида

СДЁРГИВАТЬ *несов. см.* **сдёрнуть**

СДЕ́РЖАННОСТЬ *ж* сабру буголъи, гIодове виччай

СДЕ́РЖАННЫЙ, -ая, -ое 1) сабурав, гIодове виччарав; гIурхъи-рахъ лъалев 2) тIасан ккечеб, цIакъго гIоркьихъа борчIичIеб; ~ **смех** гIоркьихъа борчIичIеб релъи

СДЕРЖА́//ТЬ *сов.* **1.** 1) *кого-что (остановить)* ккун чIезабизе, къан чIезабизе, чIезабизе кIвезе; ~ **лошаде́й** чуял (нахъе) къан чIезаризе 2) *кого-что перен. (удержать от каких-л. действий*) чIезабизе, нахъе къазабизе; ~ **на́тиск врага́** тушманасул тIадецуй чIезабизе 3) *что перен.* ккун чIезабизе; **я е́ле ~л смех** дида релъи хIалица кквезе кIвана; **он е́ле ~л свой гнев** гьес жиндирго щцин хIалица ккун чIезабуна **2**. *что (выполнить)* тIубазабизе; ~ **сло́во** къураб рагIи тIубазабизе, кквезе

СДЕРЖА́//ТЬСЯ *сов.* яхI гьабизе, яхI гьабун чIезе, хIехьон чIезе; **е́ле мог ~ться от слёз** магIу хIалица кквезе кIвана

СДЕ́РЖИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **сдержа́ть(ся)**

СДЁРНУТЬ *сов. что* цIан тIаса бахъизе, цIан бахъизе; туркIун бахъизе

СДИРА́ТЬ *несов. см.* **содра́ть**

СДО́БА *ж* 1) тIагIамалъе хамуралда гъорлъе жубалеб нах, рахь, гьуинлъи 2) нах, чакар, ханал журан гьабураб булка

СДО́БН//ЫЙ, -ая, -ое нах, рахь чакар, ханал журан гьабураб (*чед, булка, гурга*)

СДО́БРИТЬ *сов. что* тIагIамалъе *щибниги жо* кванилъе жубазе; **~ борщ смета́ной** тIорахьалъ борщалда тIагIам бачIинабизе

СДО́ХНУТЬ *сов. (о животных)* капурго хвезе

СДРУЖИ́ //ТЬ *сов. кого* гьудуллъи ккезабизе, гьудуллъи гьабизе; **их ~ла о́бщая рабо́та** цадахъ гьабулеб гIахьалаб хIалтIуца гьел гьудулзаби лъугьинаруна

СДРУЖИ́ТЬСЯ *сов. с кем* гьудуллъи ккезе, гьудулзабилъун лъугьине

СДУВА́ТЬ *несов. см.* **сдуть**

СДУ́ РУ *нареч. разг.* гIадаллъиялъ, ахIмакълъиялъ

СДУТЬ *сов. что* пун тIаса инабизе, пун биччан тезе; **~ пыль** хIур пун тIаса инабизе ◊ **то́чно ве́тром сду́ло** гьороца босун араб гIадин тIагIана

СДЫХА́ТЬ *несов. см.* **сдо́хнуть**

СЁ *мест.*: **то́-сё, то́ да сё** гъоб-доб; **ни то́, ни сё** щибго гуреб жо; **ни с того́, ни с сего́** щибго гьечIого, ракIалдаго гьечIого, щибго гьечIеб бакIалда(са)

СЕА́НС *м в разн. знач.* 1) сеанс, гьоркьоб къотIичIого бихьизабулеб *щибниги* жо (*кино, спектакль*); **дневно́й ~ в кино́** киноялда къад бихьизабулеб сеанс 2) гьоркьоса къотIичIого *щибниги* гьабулеб заман

СЕБЕ́ *дат и предл. п. от* **себя́**

СЕБЕ́ *частица разг.* жиндиего, мунго, диего, дуего; **сиди́ ~ споко́йно** мунго парахат гIодов чIун вукIа; **ду́маю ~** дунго ургъулев вуго; **идёт ~, ничего́ не замеча́я** щибго бихьичIого, живго унев вуго ◊ **ничего́ ~** квеш гуро; **так ~** мадар буго, квешги гуро, цIакъ лъикIги гуро

СЕБЕСТО́ИМОСТ//Ь *ж эк.* къайи гьабулаго хвезабураб харж, гьеб бахараб багьа, жиндирго багьа**; сниже́ние ~и** жиндирго багьа (*чIараб багьа*) гIодобе ккей

СЕБЯ́ (себе, собой, собою, о себе) *мест. возвр.* мунго, дунго, живго; **он ~ не оби́дит** дос живго къварид гьавиларо; **я ~ не по́мню** дида дунго ракIалда гьечIо; **я про ~ забы́л** дида дунго кIочана; **не равня́ й его́ с собо́й** дуца дов дудаго бащад гьавуге; **я не говорю́ о себе́** дирго хIакъалъулъ дица абулеб гьечIо; **хоро́ш собо́ю** вихьизе лъикIав, гьайбатав вуго ◊ **он не в себе́** дов рекIеда гьечIо; **к себе́** жиндехунго; **от ~** жиндирго рахъалдасан; **по себе́** жиндидаго борцун; **сам по себе́** живго жиндаго чIун; **вы́брать рабо́ту не по себе́** жиндидаго рекъечIеб хIалтIи тIаса бищизе; **де́ло устро́илось само́ собо́й** иш жибго жиндасанго битIун ккун ана; **мне ста́ло не по себе́** дир хIал хисана; **выходи́ть из себя́** щидахине; **прийти́ в ~** живго рекIеда ватизе, лъавуде вачIине; **про ~** жинцаго жиндиего (*цIали*); **у ~** жиндирго бакIалда, рокъов; живго (вуго); **быть себе́ на уме́** *разг.* рекIеда вукIине; **предста́вить себе́** жиндицаго пикру гьабун цебе чIезабизе, ракIалде бачIинабизе; **щади́ть ~** живго цIунизе, жиндаго гурхIизе; **у ~ до́ма** жиндирго рокъоб

СЕБЯЛЮБИ́ВЫЙ, -ая, -ое жиндирго напсалъул гурони ургъел гьечIев, живго жиндиего хирияв, гIурав

СЕБЯЛЮ́БИЕ *с* жиндирго напсалъул гурони ургъел гьабунгутIи, живго жиндиего хиралъи, гIей

СЕВ *м* рекьи; **подгото́вка к весе́ннему се́ву** ихдалил рекьуде къачIади, хIадурлъи

СЕ́ВЕР *м* север, севералъулаб рахъ

СЕ́ВЕРНЫЙ, ая, -ое северияб, севералъул, севералъул рахъалъулаб; севералда бугеб

СЕ́ВЕРО-ВОСТО́К *м* севералъул бакъбаккул рахъ

СЕ́ВЕРО-ВОСТО́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое севералъул бакъбаккул рахъалдехунисеб; **~ый ве́тер** севералъул бакъбаккул рахъалдасан пулеб гьури

СЕ́ВЕРО-ЗА́ПАД *м* севералъул бакътIерхьул рахъ

СЕ́ВЕРО-ЗА́ПАДНЫЙ, -ая, -ое севералъул бакътIерхьул рахъалдехунисеб

СЕВЕРЯ́НИН *м* севералда яшав гьабулев чи, севералъул агьлу, севералъул (севералдаса) чи

СЕВЕРЯ́ НКА *ж* севералда яшав гьабулей гIадан, севералъул гIадан

СЕ́ВООБОРОТ *м* севооборот (*батIи-батIиял жал хис- хисун рекьун, ракь хIалтIизабулеб къагIида*)

СЕВРЮ́ ГА *ж зоол.* севрюга (*ччугIа*)

СЕВРЮ́ ЖИЙ, -ья, -ье севрюгаялъул(аб)

СЕГМЕ́НТ *м мат.* сегмент (*хордаялъ батIа гьабураб горалъул цо бутIа; тIаса цо бутIа къотIараб гургинаб жояльул (кругалъул) хутIел*)

СЕГО́ДНЯ 1) *нареч.* жакъа; **~ у́тром** жакъа радал 2) *перен.* гьанже; **вчера́шний рабо́чий ~ стал хозя́ином** сонисев хIалтIухъан жакъа хважаинлъун вахъун (*лъугьун*) вуго ◊ **не ~ – за́втра** жакъа-метер гуро

СЕГО́ДНЯШНИЙ, -ая, -ее жакъасеб, жакъа къоялъул(аб)

СЕДА́ЛИЩЕ *с* 1) *анат.* рохокъотIи 2) *уст.* гIодор чIезе бакI

СЕДА́ЛИЩНЫЙ, -ая, -ое *анат.* рохокъотIиялъул, рохокъотIиялда бугеб; **~ нерв** рохокъотIиялъул нерв

СЕДЕ́ЛЬНИК *м* кьалазул устар

СЕДЕ́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое кьолол, кьалазул

СЕДЕ́ТЬ *несов. (становиться седым)* хъахIлъизе, чарлъизе (*ботIрол, магжил рас*)

СЕДИНА́ *ж* хъахIаб рас, хъахIлъараб рас ◊ **дожи́ть до седи́н** рас хъахIлъизегIан хутIизе (*дунялалда*), херлъизегIан ху-тIизе

СЕДЛА́ТЬ
несов. кого кьолозе; **~ коне́й** чуял кьолозе

СЕДЛО́ *с* кьили ◊ **идёт как коро́ве ~** хIамида чухъа гIадин буго, гIакдада кьили гIадин (*рекъон*) буго

СЕДЛОВИ́НА *ж* 1) (*у животного*) мугъзал кьили лъолеб бакI (*хIайваналъул*) 2) (*горы*) мугIрул кьили (кьиликкараб бакI)

СЕДОБОРО́ДЫЙ, -ая, -ое хъахIлъараб мегежалъул, мегеж хъахIлъарав

СЕД/О́Й, -а́я, -о́е 1) рас хъахIлъарав, рас чарлъарав (*чи*) 2) *перен. (белесый)* мачIаб; мачIаб кьералъул; **~ тума́н** мачIаб накIкI ◊ **~ая старина́** цIакъ цебегосеб заман; **до ~ы́х воло́с** херлъизегIан

СЕДО́К *м (всадник)* рекIарав, чолрекIарав; мухьдахъ гьакида рекIарав

СЕДЬМ//О́Й, -а́я, -о́е *числ.* анкьабилеб; **~о́й день** анкьабилеб къо; **~о́го сентября́** анкьабилеб сентябралда ◊ **быть на ~о́м не́бе** (*от радости*) (*вохиялъ*) гьанта рекъезе, цIакъ кутакалда вохизе

СЕЗО́Н *м* заман, сезон, (*лъагIалил хIухьбахъиялъе, кIудиял ишазе… данде кколеб заман; лъагIалил ункъабго заманалъул цояб*); **зи́мний ~** кьиндалил заман; **строи́тельный ~** минаби ралеб заман; **купа́льный ~** (*ралъдалъ*) чвердолеб заман

СЕЗО́ННИК *м* заманалъул хIалтIабазда хIалтIулев чи, лъагIалил цо ккураб заманалда хIалтIулев чи

СЕЗО́НН//ЫЙ, -ая, -ое сезоналъул(аб), сезонияб, цо хасаб заманалда хурхараб; **~ая рабо́та** сезонияб хIалтIи; **~ый биле́т** сезоналъе кьураб билет

СЕЙ[1] *мест. указ. м* (**сия́** *ж,* **сие́** *с,* **сии́** *мн.*) гьаб; **до сего́ вре́мени** гьанжелъизегIан; **на сей раз** гьаб нухалъ; **при сём** гьабгун цадахъ; **по сей день** гьаб жакъалъагIан; **сию́ мину́ту** гьаб лахIзаталда жаниб, гьаб параялда жаниб; **быть по сему́** гьедин букIа абе

СЕЙ[2] *мн.* **се́йте** *повел. от* **се́ять**

СЕЙМ *м* сейм (*цо-цо пачалихъазул парламенталда цIар*)

СЕ́ЙНЕР *м* сейнер (*ччугIа кколеб гама*)

СЕЙСМИ́ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое сейсмикияб, ракь багъария-лъулаб; **~ие прибо́ры** ракь багъаризе букIин бицунел прибора́л

СЕЙСМИ́ ЧНОСТЬ *ж* ракь багъаризе бегьи

СЕЙСМО́ГРАФ *м* сейсмограф (*ракь багъари автоматикияб куцалда хъвалеб алат)*

СЕЙСМОЛО́ГИЯ *ж* сейсмология (*ракь багъари лъазабулеб гIелму)*

СЕЙФ *м* сейф (*банкалда ва цогидал учреждениязда къимат цIикIкIарал кагътал ва цогидал жал цIунулеб, цIа кканиги зарал кколаредухъ гьабураб шкаф, гъамас*)

СЕЙЧА́С *нареч.* 1) (*в настоящее время*) гьабсагIат, ахIанже, гьаб параялъ; **я ~ за́нят** дун гьабсагIат регIун гьечIо 2) (*немедленно*) гьабсагIат, гьаб параялъ; **я ~ приду́** дун гьабсагIат вачIина

СЕКА́Ч *м* 1) чалтанус 2) кIудияб бихьинхъабан

СЕКИ́ РА *м* секира (*некIо ярагъльун хIалтIизабулеб букIараб халатаб гIоркьалъул гIаштIи*)

СЕКРЕ́Т[1] *м (тайна)* 1) балъголъи, балъгояб жо; **держа́ть под ~ом** балъго цIунизе; **вы́ дать ~** балъгояб жо тIатинабизе, бицине, къватIибе рехизе, къватIиб чIвазе; **сказа́ть по ~у** балъгого бицине 2) *воен.* секрет (*балъгого тIамураб пост*)

СЕКРЕ́Т[2] *м физиол.* секрет *(батIи-батIиял железабазул клеткабаздасан бецIцIулеб ва чIаголъиялъе чара гьечIеб жо*)

СЕКРЕТАРИА́Т *м* секретариат (1 *кинаб бугониги идарая-лъул хIалтIи бачунеб отдел*; 2 *данделъабазда, конференциязда протоколал хъвазе рищарал чагIи)*

СЕКРЕТА́РСК//ИЙ, -ая, -ое секретарасулаб, секретар-лъиялъул; **~ая до́лжность** секретарлъиялъулаб хъулухъ

СЕКРЕТА́РСТВО *с* секретарлъи

СЕКРЕТА́РША *ж разг.* секретарша

СЕКРЕТА́РЬ секретарь; **~ райко́ма** райкомалъул секретарь

СЕКРЕТЕ́Р *м* секретер (*къватIибе цIалеб хъарщиги хъурщабиги ругеб стол*)

СЕКРЕ́ТНИЧАТЬ *несов. разг.* 1) балъголъи цIунизе 2) цогидаздаса балъго (гьабун) бицине, щурун бицине

СЕКРЕ́ТНЫЙ, -ая, -ое 1) балъгояб; **~ докуме́нт** балъгояб документ 2) балъгояб куцалда гьабураб

СЕКРЕ́ЦИЯ *ж физиол.* секреция (*къаркъала хIалтIизе ккани,чара гьечIого къвариГунел жал железабазул кумекалдалъун лъугьинаЛъул процесс*)

СЕ́КТА *ж рел.* секта (*аслияб диналдаса тIураб, жидерго мазгьаб бугеб къокъа*)

СЕКТА́НТ *м* сектант, сектаялъул чи

СЕКТА́НТКА *ж* сектантка, сектаялъул гIадан

СЕКТА́НТСТВО *с* сектантлъи (*аслиял диназдаса тIурал къокъаби; гьединал къокъабазда гъорлъ вукIин*)

СЕ́КТОР *м* сектор (*бутIа, отдел*)

СЕКУ́ НДА *ж* секунда (*минуталъул 1/60 бутIа*)

СЕКУНДА́НТ *м* секундант (*дуэлалда щивав дандеясул вакил, нугI*)

СЕКУ́НДН//ЫЙ, -ая, -ое секундалъул(аб); **~ая стре́лка** секундазул хъаравул; **~ая па́уза** цо секундалъул лъалхъи

СЕКУНДОМЕ́Р *м* секундомер (*секундаги гьезул бутIабиги рихьизарулеб сагIат, секундал рорцунеб сагIат*)

СЕКЦИО́ННЫЙ, -ая, -ое секциялъул(аб); секцияздасан гIуцIараб

СЕ́КЦИЯ *ж* 1) секция (*сундулниги жибго жиндаго чIараб цо бутIа*); **~ до́ма** (*рукъалъул*) *рукъзабазул цо бутIа*) 2) *съездалдаса, конференциялдаса хадур* хасал суалал гьоркьор лъолел данделъаби

СЕЛЁДКА *ж* селедка (*ччугIа*)

СЕЛЁДОЧНИЦА *ж* селедка ччугIа лъолеб халаткараб гьадаро)

СЕЛЁДОЧНЫЙ, -ая, -ое селедкаялъул

СЕЛЕЗЁНКА *ж анат.* къечI

СЕ́ЛЕЗЕНЬ *м* бихьинордек

СЕЛЕ́КТОР *м* селектор (*гIемерал гIадамазулгун цадахъ бухьен гьабулеб хасаб электроннияб гIуцIи (телефон*)

СЕЛЕ́КТОРНЫЙ, -ая, -ое селекторалъулаб, селекторалъул кумекалдалъун гьабулеб (*бухьен)*

СЕЛЕКЦИОНЕ́Р *м* селекционер (*селекциялъул специалист – гIалимчи*)

СЕЛЕКЦИО́НН//ЫЙ, -ая, -ое селекциялъулаб; **~ые рабо́ты** селекциялда хурхарал хIалтIаби; **~ая ста́нция** селекциялъулаб станция

СЕЛЕ́КЦИЯ *ж* селекция (*рижулел жалазул сортал, хIайванаЗул тайпаби лъикIлъизариялда тIад хIалтIулеб къагIида (агрономиялъул ва зоотехникаялъул бутIа*)

СЕЛЕ́Н *м* селен (*хим. элемент*)

СЕЛЕ́НИЕ *с* росу

СЕЛИ́ТРА *м* селитра (*техникаялда – щибниги квагьизе, агрономиялда – хур беэн гьабизе хIалтIизабулеб жансав гIадаб цIан*)

СЕЛИ́ТЬ *несов. кого-что* цоги бакIалде гочинарун, жанир чIезе бакI кьезе

СЕЛИ́ ТЬСЯ *несов.* (*цIияб*) бакI кквезе, (*цIияб бакIалда*) гочун чIезе

СЕЛ//О́ *с* росу; **на ~е́** росулъ ◊ **ни к ~у́ ни к го́роду** бакI гуреб бакIалде; санагIалъи гьечIеб, заман гуреб мехалъ

СЕЛЬДЕРЕ́Й *м* сельдерей (*тIамах, кьибил кванилъе балеб бахчабахъ бижулеб хер*)

СЕЛЬД//Ь *ж* сельд (*ччугIа*), селедка ◊ **как ~и в бо́чке** а) цIакъ гIемер (*хъагиниб мугьгIанги гIемер*) б) кьуризе бакI гьечIого (*къваридго буго*)

СЕЛЬКО́Р *м* селькор, росдал корреспондент (*росабалъан газеталде, журналалде хабарал кьолев чи*)

СЕЛЬМА́Г *м* росдал тукен

СЕ́ЛЬСК//ИЙ, -ая, -ое росдал, росулъ вугев; **~ие жи́тели** росдал гIадамал, росулъ гIумру гьабулел чагIи

СЕЛЬСКОХОЗЯ́ЙСТВЕНН//ЫЙ, -ая, -ое росдал магIишаталъул; **~ые маши́ны** росдал магIишаталъул машинаби; **~ая страна́** росдал магIишат цебе тIураб улка

СЕЛЯНИ́Н *м* росулъ бетIербахъи гьабулев чи, векьарухъан

СЕМА́НТИКА *ж лингв.* 1) семантика (*рагIул, сверелалъул, грамматикияб формаялъул магIна*) 2) *см.* **семасиоло́гия**

СЕМАНТИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое *лингв.* рагIул магIнаялда хурхараб, семантикияб

СЕМАСИОЛО́ГИЯ *ж лингв.* семасиология (*мацIалъул гIелмуялъул рагIабазул магIнаялда, гьеб хисулеб куцалда тIад хIалтIулеб бутIа)*

СЕМАФО́Р *м ж.-д.* семафор (*маххул нухда сигналалъул хIуби*)

СЕМЕ́ЙН//ЫЙ, -ая, -ое 1) хъизан-кулпат бугев; **~ый челове́к** хъизан-кулпат бугев чи 2) хъизаналда жанисеб; **~ые дела́** хъизаналда жанисел ишал

СЕМЕ́ЙСТВЕННОСТЬ *ж* 1) хъизан бокьи, хъизамалъулаб гIумру гьаби, хъизамалъулаб гьоркьоблъи 2) хIалтIулъ, хъулу-хъалда гIагарал-божаразде цIайи гьаби, *гьезие* санагIалъи гьаби; хъизанчилъи

СЕМЕ́ЙСТВЕННЫЙ, -ая, -ое 1) хъизамалъулаб 2) хъизамалъулаб гIумру бокьулев, хъизан бокьулев, хъизаналъул тIалабагъаз гьабулев

СЕМЕ́ЙСТВО *с* 1) (*семья)* хъизан 2) *биол.* хIайванал жинсазде рикьиялъул системаялда цо группа, тайпа, тухум

СЕМЕНА́ *мн.* (*ед.* **се́мя** *с*) хьонал; рекьизе ругел хъонал, хьодул тIорщел

СЕМЕНИ́ ТЬ гIисинал хехал галаби тIамун ине, газ-газиялда вилъльине

СЕМЕНИ́ ТЬСЯ *несов.* хьон базе, хьон лъугьине *(хурдузда)*

СЕМЕННИ́ К *м* 1) хьодуе тараб хер, бижараб жо 2) хьодуе бугеб тIорщел бекьараб бакI, хур 3) пихъил хьон бугеб бутIа, пихъил хьон бугеб бакI 4) *биол.* бихьинлъул хьонтIи лъугьунеб бакI (*железа*)

СЕМЕНН//О́Й, -ая, -ое 1) хьодул(аб), хьодуе тараб, хьодуе гIоло бекьараб, хьодуе гIоло гIезабулеб; **~о́й фонд** хьодуе тараб фонд; **~о́й карто́фель** бекьизе тараб, хьодулаб картошка; **~о́е хозя́йство** хьодуе тIорщел ва гь.ц. гIезабулеб магIишат 2) *биол.* хьонтIидул(аб), хьонтIиялъул; **~ые ни́ти** хьонтIидул рихьал

СЕМЕНОВО́ДСТВО *с* рекьул (рекьулел) хьонал гIезари

СЕМЕНОВО́ДЧЕСКИЙ, -ая, -ое рекьул хьонал гIезариялъул(аб)

СЕМЁРКА *ж* 1) анкьилаб 2) анкьгояв

СЕ́МЕРО *числ. собир.* анкьгояв, анкьго чи; **~ бра́тьев** анкьго вац; **их бы́ ло ~** дозул анкьгоял рукIана ◊ **~ одного́ не ждут** *посл.* цоясухъ ралагъун анкьгоял чIоларел

СЕМЕ́СТР *м* семестр (*вузазда цIалул бащдаб сон*)

СЕ́МЕЧК//О *с* 1) хьон, хьодул мугь (*хурдузул, пихъазул*) 2) *мн.* **~и** семечка; **грызть ~и** семечка чIучIине

СЕМИДЕСЯТИЛЕ́ТИЕ *с* лъабкъоялда анцIго сон бай (тIубай)

СЕМИДЕСЯТИЛЕ́ТНИЙ, -яя, -ее 1) лъабкъоялда анцIго сон барав; **~ стари́к** лъабкъоялда анцIго сон барав херав 2) (*о го-*

довщине) лъабкъоялда анцIго сонилаб; ~ **юбиле́й** лъабкъоялда анцIго сон баялъул юбилей

СЕМИДЕСЯ́Т//ЫЙ, -ая, -ое лъабкъоялда анцIабилеб; **~ая страни́ца** лъабкъоялда анцIабилеб гьумер

СЕМИДНЕ́ВКА *ж* анкь (*къоязул*), анкьго къо, анкьго къоялда бащадаб заман

СЕМИДНЕ́ВНЫЙ, -ая, -ое анкьго къойилаб; ~ **срок** анкьго къойил(аб), анкьго къоялъул заман

СЕМИКРА́ТНЫЙ, -ая, -ое анкьцIул гьабураб; анкьцIул (анкьго нухалъ) цIикIкIинабураб

СЕМИЛЕ́ТКА *ж* 1) анкьго сон бараб лъимер 2) анкьго сонилаб школа

СЕМИЛЕ́ТИЕ *с* 1) (*срок*) анкьго сон 2) (*годовщина*) анкьго сон бай (тIубай)

СЕМИЛЕ́ТНИЙ, -яя, -ее 1) (*о сроке*) анкьго соналъул, анкьго сон бараб, анкьго сонил (*школа*) 2) (*о возрасте*) анкьго сон бараб

СЕМИМЕ́СЯЧНЫЙ, -ая, -ое 1) (*о сроке*) анкьго моцIрол 2) (*о возрасте*) анкьго моцI бараб

СЕМИМИ́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое анкьго милалъул, анкьго милалъул манзил бугеб ◊ **~ми шага́ми идти́ вперёд** хехго цебе тIезе, кIудиял бергьенлъаби щвезе

СЕМИНА́Р *м* семинар (1 *вузалда учителасул нухмалъиялда гъоркь группаялъ цадахъ гьабулеб цIалул практикияб иш;* 2 *махщел камил гьабизе тIоритIулел группаялъулал занятиял)*

СЕМИНА́РИЯ *ж* семинария (*революциялда цебе Россиялда хасаб гьоркьохъеб школа*); **учи́тельская ~** учительзабазул семинария; **духо́вная ~** диниял хъулухъчагIи хIадур гьарулеб семинария

СЕМИНА́РСК//ИЙ, -ая, -ое 1) семинариялъул 2) семиналъул; **~ие заня́тия** семиналъул занятияби

СЕМИСО́ТЫЙ, -ая, -ое *числ.* анкьнусабилеб

СЕМИСТРУ́ННЫЙ, -ая,-ое анкьго чIва бугеб

СЕМИ́Т *м* семит

СЕМИ́ТКА *ж* семитай

СЕМИ́ТСКИЙ, -ая, -ое семитазул(аб)

СЕМИ́ТЫ *мн.* семитал, семит халкъ

СЕМИТЫ́СЯЧНЫЙ, -ая, -ое *числ.* анкьазарабилеб, анкьазарилаб

СЕМИЧАСОВО́Й, -а́я, -о́е 1) анкьго сагIтил, анкьго сагIаталъул; **~ рабо́чий день** анкьго сагIаталъул хIалтIул къо 2) сагIат анкьгоялда букIунеб; **~ по́езд** сагIат анкьгоялда букIунеб (*унеб*) поезд

СЕМИЭТА́ЖНЫЙ, -ая, -ое анкьтIалаяб, анкьго тIала бугеб

СЕМНА́ДЦАТЬ *числ.* анцIила анкьго

СЕМ//Ь *числ.* анкьго ◊ **~ь раз отме́рь, один раз отре́жь** *посл.* анкьцIул борце, цин къотIе

СЕ́МЬДЕСЯТ *числ.* лъабкъоялда анцIго

СЕМЬСО́Т *числ.* анкьнусго

СЕМЬЮ́ *нареч.* анкьго нухалъ, анкьцIул; ~ **семь** анкьцIул анкьго, анкьго нухалъ анкьго

СЕМЬЯ́ *ж* хъизан

СЕМЬЯНИ́Н *м* хъизан хьихьулев чи, хъизаналъул тIалаб-агъаз гьабулев чи

СЕМЬЯНИ́НКА *женск.* к **семьяни́н**

СЕ́МЯ *с см.* **семена́**

СЕНА́Т *м* сенат (1 *ист. некIсияб Рималда пачалихъалъул тIадегIанаб совет;* 2 *ист. пачаясулаб Россиялда судазул ва администрациялъул ишазухъ балагьулеб тIадегIанаб учреждение;* 3 *Америкаялда, Франциялда ва ц. цо-цо улкабазда законал рахъулеб тIадегIанаб палата*)

СЕНА́ТОР *м* сенатор (*сенаталъул член*)

СЕ́НИ *мн.* жанахI

СЕННИ́К *м* 1) хьимал, хIотол бусен, ургу 2) хер лъолеб гьор, харил гьор

СЕ́Н//О *с* бакъвараб хер; **стог ~а** бакъвараб харил гIарахъ

СЕНОВА́Л *м* хер лъолеб гьор

СЕНОЗАГОТО́ВКА *ж* хер хIадур гьаби

СЕНОКО́С *м* 1) (*косьба*) хер беци, реци 2) (*время косьбы*) рецарулеб гIуж 3) (*место косьбы*) раци (*рацаби ругеб бакI*)

СЕНОКОСИ́ЛКА *ж* хер бецулеб машина, рецарулеб машина

СЕНОКО́СН//ЫЙ, -ая, -ое хер бецулеб; рецарулеб; **~ая пора́** хер бецулеб заман

СЕНОКОШЕ́НИЕ *с* хер беци

СЕНОУБО́РКА *ж* хер бакIари, бецараб хер данде гьаби, бакIари

СЕНСАЦИО́ННЫЙ, -ая, -ое цIакъ кIудияб асар гьабулеб; багъа-бачари ккезабулеб, ахIи-хIур бахъинабулеб

СЕНСА́ЦИ//Я *ж* кIудияб асар гьабулеб, хъуй бахъараб лъугьа-бахъин; **произвести́ ~ю** кIудияб ахIи-хIур бахъинабизе

СЕНТЕ́НЦИЯ *ж* насихIат, малъа-хъвай бугеб калам

СЕНТИМЕНТАЛИ́ЗМ *м лит.* сентиментализм (*18 аб. векалъул ахиралда – 19 аб. векалъул авалалда букIараб чиясул рухIияб рахъалде, тIабигIаталде кIвар кьолеб, хIакъикъат бугелдаса лъикI бихьизабизе жигар бахъулеб литературияб (адабияталъулаб) къагIида*)

СЕНТИМЕНТА́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое 1) (*чувствительный*) цIикIкIун асар гьабулеб; хехго жиндие асар лъугьунеб 2) *лит.* сентименталияб, сентиментализмалъулаб

СЕНТЯ́БРЬ *м* сентябрь (*моцI*)

СЕНТЯ́БРЬСКИЙ, -ая, -ое сентябралъул

СЕНЬ *ж:* **под ~ю ду́ба** 1) (*под покровом*) миккигъотIода гъоркь (*гьелъул рагIдукь*) 2) (*под покровительством*) **под ~ю зако́на** законалде мугъчIвайги гьабун, законалъ цIунун

СЕПАРАТИ́ВНЫЙ, -ая, -ое *полит.* сепаративияб (*сепаратизм жиндилъ бугеб)*

СЕПАРАТИ́ЗМ *м полит.* сепаратизм (*батIа тIун чIезе бокьиялъул хIаракатчилъи)*

СЕПАРА́ТНЫЙ́ -ая, -ое сепаратияб, цогидаздаса тIун, батIа кIанцIун гьабураб; **заключи́ть ~ мир** (*союзниказдаса батIаго*) хасаб ракълил къотIи гьабизе (хъвазе)

СЕПАРА́ТОР *м* сепаратор (1 *рахьдадаса тIорахь батIа гьабулеб машина;* 2 *подшипникалда шарикал цоцаздаса ратIа гьарулеб гор)*

СЕ́ПСИС *м мед.* сепсис (*бидулъе микробал ккун лъугьунеб унти)*

СЕПТИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое бидулъе роцIцIол микробал ккараб

СЕ́РА *ж* 1) чIабатI (*хим. элемент*) 2) хIебецI (*гIинзул*)

СЕРБ *м* сербав

СЕ́РБКА *ж* сербай

СЕ́РБСКИЙ, -ая, -ое сербазул; ~ **язы́к** сербазул мацI

СЕ́РБЫ *мн.* сербал

СЕРВА́НТ *м* сервант (*цIарагI лъолеб шкаф*)

СЕРВИ́З *м* сервиз (*кванил ялъуни чайдул цIарагIалъул тIубараб комплект*); **ча́йный ~** чайдул сервиз

СЕРВИРОВА́ТЬ *сов. и несов. что* квен, цIарагI рекъезабун тIибитIизе; ~ **стол** столалда цIарагI ялъуни квен рекъезабун лъезе

СЕ́РВИС *м* халкъалъе гьабулеб рукIа-рахъиналъул хъулухъ

СЕРДЕ́ЧНИК *м разг.* 1) (*больной*) ракI унтарав чи, рекIел унти бугев чи 2) (*врач*) рекIел унтабазул тохтир

СЕРДЕ́ЧНО-СОСУ́ДИСТ//ЫЙ, -ая, -ое рекIелгун бидурихьазул

СЕРДЕ́ЧНО *нареч.* ракI-ракIалъ; ~ **люби́ть** ракI-ракIалъ бокьизе

СЕРДЕ́ЧНОСТЬ *ж* ракIрагьи

СЕРДЕ́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое 1) рекIел; **~ая боле́знь** рекIел унти 2) (*искренний*) ракI бащадав; ракI битIарав, ракI бацIцIадав; ~ **друг** ракI бащадав гьудул 3) *перен.* рекIелав

СЕРДИ́Т//ЫЙ, -ая, -ое 1) щидалаб, щидахараб, щин бахъараб 2) *перен.* кутакаб, къвакIараб (*тамахъо ва ц.*)

СЕРДИ́ТЬ *несов. кого* щин бахъинабизе, щидахинабизе

СЕРДИ́ТЬСЯ *несов.* щидахине, щин бахъине

СЕРДОБО́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое (*цогидазда*) гурхIел бугев, гурхIулев; **~ая же́нщина** гурхIел бугей гIадан

СЕРДОЛИ́К *м мин.* сердолик, багIараб гIакъикъ (*хирияб гамачI*)

СЕ́РДЦ//Е *с* 1) *в разн. знач.* ракI; **у него́ до́брое ~е** досул ракI лъикIаб буго 2) *перен. (центр чего-л., сердцевина)* ракI ◊ **положа́ ру́ку на ~е** щибго бахчичIого, балъго гьабичIого; **~е не лежи́т** ракI балеб гьечIо; **приня́ть к ~у** цIакъго ургъел гьабизе; **да́ма ~а** йокьулел (*якьинай*); **от всего́ ~а** ракI-ракIалъ; **отлегло́ от ~а** тIа-

дагьлъи лъугьана, тIаса бихьана; **покори́ ть ~е** рекIелъ восизависе; **у него́ нет ~а** досулъ рахIму гьечIо, гурхIел-цIоб гьечIо

СЕРДЦЕБИЕ́НИЕ *с* рекIел тIвапи, рекIел хIалтIи, рекIел кьаби

СЕРДЦЕВИ́ ДНЫЙ, -ая, -ое ракI гIадинаб, рекIеда релъльараб

СЕРДЦЕВИ́НА *ж* 1) *сундулниги* жаниса ракI, тамахлъи (*гIечул, хурдузул*) 2) месехо (*цIулакьодул*) 3) *перен.* бищунго бокьулъеб бакI; бищунго кIвар бугеб бакI; бакьулъбакI

СЕРДЦЕЕ́Д *м* руччабазул ракIазда квершел гьабулев чи, рокьумахх

СЕРЕ́БРЕНЫЙ, -ая, -ое гIарац бекьараб, тIаде гIарац биччараб

СЕРЕБРИ́СТЫЙ, -ая, -ое 1) гIарцул кьераб, гIарцул гIадаб кунчIи бугеб 2) *перен.* гвангъараб, кунчIараб, хъахIго цIик-цIикараб; **~ звон колоко́льчика** цIурмил зирараб зваргъи 3) гIарац жубараб, гIарац гъорлъе жубараб ◊ **~ то́поль** хъахIаб бигьаро

СЕРЕБРИ́ТЬ *несов. что* гIарцул лъин кьезе, гIарац тIаде биччазе

СЕРЕБРИ́Т//ЬСЯ *несов.* 1) гIарац гIадин кенчIезе, кунчIкунчIизе; **снег ~тся на со́лнце** гIазу гIарац гIадин бакъуда данде кенчIолеб буго 2) *перен.* хъахIлъизе, чарлъизе (*рас*)

СЕРЕБРО́ *с* 1) гIарац (*хим. элемент*) 2) гIарцул къайи-матахI 3) *собир. (монеты)* хъахIаб гIарац

СЕРЕ́БРЯНИК *м* гIарцул устар

СЕРЕ́БРЯН//ЫЙ, -ая, -ое 1) гIарцул(аб); **~ое кольцо́** гIарцул баргъич 2) *перен.* звараараб (*зирараб*); **~ый голосо́к** зирараб гьаракь ◊ **~ая сва́дьба** рос-лъадилъун къоло щуго сон тIубай

СЕРЕДИ́Н//А *ж* 1) бакьулъбакI, бакьулъльи; **до ~ы доро́ги** нухлул бакьулъе щвезегIан 2) бащалъи; **в ~е ма́я** маялъул бакъуль; **в ~е но́чи** сордо башалъуда ◊ **золота́я ~а** киназего бащадаб, данде кколеб хIал, къагIида

СЕРЕДНЯ́К *м* гьоркьохъеб бетIербахъиялъул векьарухъан

СЕРЕДНЯ́ ЦК//ИЙ, -ая, -ое гьоркьохъев векьарухъанасулаб; **~ое хозя́йство** гьоркьохъев векьарухъанасулаб магIишат

СЕРЁЖК//И *мн.* (*ед.* **~а** *ж*) (*украшение*) кIилкIал (*гIинда ралел*)

СЕРЕНА́ДА *ж* серенада (1 *лит. рокьул, рахьи-реццалъул кечI* 2 *муз. гьединаб магIнаялъул музыкияб асар*)

СЕРЕ́ТЬ *несов.* 1) (*становиться серым*) цIахIиллъизе 2) (*виднеться – о сером*) цIахIиллъун бихьизе 3) *перен. (терять цвет)* кьерукълъизе

СЕРЖА́НТ *м* сержант

СЕРИ́Й//ЫЙ, -ая, -ое сериялъулаб, сериялъун гьабулеб; **~ое произво́дство** сериялъулаб производство

СЕ́РИЯ *ж* серия (*цо тайпаялъул предметазул группа, цохIо къагIидаялда, цого куцалда гьарулел жалазул рахас*); **~ биле́тов** белтазул серия; **карти́на в двух ~х** кIиго сериялда бихьизабулеб кино (*кIиго сериялъул кино*)

СЕ́РНА *ж* гIалхул цIе (*жайраназул цо тайпа*)

СЕРНИ́СТЫЙ, -ая, -ое гъорлъ чIабатI бугеб, чIабатI гьарзааб

СЕ́РН//ЫЙ, -ая, -ое *хим.* чIабтIил(аб); **~ цвет** чIабтIил кьер; **~ за́пах** чIабтIил махI; чIабтIил гьабураб

СЕРОВОДОРО́Д *м* сероводород (*квешаб махIалъул газ)*

СЕРОГЛА́ЗЫЙ, -ая, -ое цIахIилал беразул, берал цIахIилав, бералцIик

СОРОЗЁМ *м* цIахIилракь, хъахIилхIатI

СЕРОУГЛЕРО́Д *м хим.* сероуглерод (*цIа рекIунеб загьруяб лъамалъи)*

СЕРП *м* нилъ (*лъилъарулеб*), хъандиро

СЕРПАНТИ́Н *м* серпантин (*кьер-кьерал кагътил чIедерал халатал лентал*)

СЕРПОВИ́ ДНЫЙ, -ая, -ое нилъ гIадин кIичIараб, нилъ гIадаб, хъандиро гIадаб

СЕРТИФИКА́Т *м фин.* сертификат (1 *удостоверение, шагьатнама;* 2 *хIукуматалъ кьолеб налъул кагъат, пачалихъалъул цо-цо заемазул цIар*)

СЕР//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*о цвете*) цIахIилаб; **~ за́яц** цIахIилаб гIанкI; **~ая ткань** цIахIилаб ххам; **~ волк** цIахIилаб бацI; **~ая туча** цIахIилаб накIкI 2) (*пасмурный*) кьерхараб (*къо*) 3) *перен. (о человеке)* нахъе ккарав, бецIав, культура гьечIев 4) *перен. (бесцветный*) кьерукъаб

СЕ́РЬГИ *мн.* (*ед.* **серьга́** *ж*) кIилкIал (*гIинда ралел*)

СЕРЬЁЗНО *нареч.* 1) кIвар кьун, кIвар бугеб хIалалда, ракI унтун; **~ рабо́тать** кIвар кьун хIалтIизе 2) кьварараб куцалда, унго-унгояб куцалда; кутакалда; **он ~ бо́лен** дов кутакалда унтун вуго

СЕРЬЁЗН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*вдумчивый*) кIвар бугев, бажари бугев, бичIчIи бугев; **~ ю́ ноша** бичIчIи бугев гIолилав 2) гIакъилав, ракI тIаде цIалев, унго-унгояв(б); **~ое чу́вство** унго-унгояб рокьи; **~ учёный** унго-унгояв гIалимчи 3) кIвар бугеб, лъикIаб; **~ая кни́га** гIемер лъикIаб, кIвар бугеб тIехь 4) цIакъ кIвар кьезе кколеб; **~ый вопро́с** цIакъ кIвар кьезе кколеб суал 5) махсара гуреб, гажилъун бугеб 6) (*опасный*) хIинкъи бугеб, квешаб, лъикI гьечIеб

СЕ́ССИЯ *ж* сессия (*кинаб бугониги учреждениялъул мехмехалда тIобитIулеб данделъи*); **~ Наро́дного Собра́ния** Халкъияб Собраниялъул сессия; **экзаменацио́нная ~** экзаменал гьарулеб заман (*вузазда*), сессия

СЕСТРА́ *ж* 1) яц; **родна́я ~** тIул бикьарай яц; **мла́дшая ~** гьитIинай яц 2) медсестра (*медициналъул хъулухъчагIазул гьоркьохъеб даражаялъул хъулухъчIужу*); **~ милосе́рдия** гурхIел-цIобалъул хъулухъ тIубазабулей гIадан; **~ – хозя́йка** сестра- хозяйка (*в санатории, в больнице*) магIишатиял ишал тIуразарулей гIадан

СЕСТЬ *сов.* 1) гIодов чIезе; **~ на стул** бакIида гIодов чIезе; **~ за стол** столалда нахъа гIодов чIезе 2) *во что, на что* рекIине, тIаде вахине; **~ на ло́шадь** чода рекIине 3) (*о солнце*) тIерхьине; **со́лнце се́ло** бакъ тIерхьана 4) (*о птице, самолете*) решtIине 5) жаниве ккезе; **~ в тюрьму́** туснахъалде ккезе 6) гIодобе ине, тIупизе (*къед, ракь*) 7) (*о материи*) **мате́рия се́ла** ххам данде ана ◊ **~ на́ го́лову** ботIроде вахине; **~ в кало́шу** лазат бахъараб хIалалде ккезе; **~ на мель** цIерда хIама гIадин чIун хутIизе

СЕ́ТКА *ж* 1) гьин, хьури, сетка; **волейбо́льная ~** волейболалъул сетка; **рыболо́вная ~** ччугIа кколеб гьин 2) (*сумка*) сетка, хьухьун гьабураб таргьа 3) *сундулниги* даража, мухь бихьи-забулеб схема, сияхI; **тари́фная ~** тарифазул сетка

СЕ́ТОВАТЬ *несов.* зигардизе, зурзудизе

СЕ́ТТЕР *м* сеттер (*чанил гьабзазул квас бахараб цо тайпа*)

СЕТЧА́ТКА *ж анат.* сетчатка (*канлъуца асар гьабулеб берзул жанисеб хъал)*

СЕ́ТЧАТ//ЫЙ, -ая, -ое 1) хьури гIадин гьабураб; гьин гIадин лъедер гьабун хьухьараб 2) *анат.* **~ая оболо́чка** *см.* **сетча́тка**

СЕТЬ *ж* 1) (*рыболовная*) гьин 2) хьури, сеть (*рахъ-рахъалде гIаркьалаби риччараб хьури гIадаб жо*); **железнодоро́жная ~** маххул нухазул сеть, мухъал; **шко́льная ~** цо бакIалдаса гIебеде ругел школал

СЕ́ЧА *ж* 1) рагъ 2) рохь къотIараб бакI

СЕЧЕ́НИЕ *с* 1) (*по гл.* **сечь**) (*розгами*) хьопоца, цIалаца вухи 2) (*поверхность)* къотIи́, къотIараб бакI; **попере́чное ~** гIебса къотIараб бакI, гIебса къотIи 3) цоцаца къотIун доре-гьанирехун рачарал кварал ◊ **ке́сарево ~** чехьги сун лъимер нахъе боси (*лъимер нахъе босизе гьабулеб операция*)

СЕ́ЧКА *ж* 1) капуста буссулеб кIудияб нус 2) тIахьдиги жубараб буссараб хьутI 3) гъурад (*тIорщалил мугь гъурараб жо*), гъурараб крупа

СЕЧЬ[1] *несов. кого-что* 1) (*рубить*) къотIизе; буссизе; **~ са́блей** хвалчаца къотI-къотIизе 2) бекIкIизе (*гамачI*) 3) (*бить*) вухизе, вакине 4) речIчIун, чвахун базе (*цIад*)

СЕЧЬ[2] *ж*: **Запоро́жская Сечь** *ист.* Запорожьялъул Сечь *(16–18 абилел векazда Украинаялда Запорожьялъул казаказул рагъулаб гIуцIи*)

СЕ́ЧЬСЯ *несов.* 1) (*о волосах*) бекизе, гьине (*рас*) 2) чIалачIалал лъугьун, бихъ-бихъун ине, рацIцIудасан щущан ине (*ххам,, ретIел*)

СЕ́ЯЛКА *ж* сеялка (*хьон хьалеб машина*)

СЕ́ЯЛЬЩИК *м* хьон хьалев чи

СЕ́ЯНЕЦ *м* хьон бекьун (*хьан*) бижараб гъветI-хер; **лук-~** хьон хьан бижараб пер

СЕ́ЯНИЕ *с* (*по гл.* **се́ять**) хьай, бекьи

СЕ́ЯН//ЫЙ, -ая, -ое 1) цIалкIараб; **~ая мука́** цIалкIараб ханжу 2) бекъараб; **~ые тра́вы** рекьарал хурдул, рекьун рижарал хурдул

СЕ́ЯТЬ *несов. что* 1) *и без доп.* хьазе, щвазе; **~ пшени́цу** ролъ хьазе 2) (*просеивать*) цIалкIизе; **~ муку́** ханжу цIалкIизе 3) *перен. (распространи́ть)* тIибитIизабизе; **~ вражду́** тушманлъи тIибитIизабизе (бекьизе) 4) тирщизе

СЖА́ЛИТЬСЯ *сов. над кем и без доп.* ракI гурхIизе

СЖА́ТЫЙ[1], -ая, -ое 1) данде къараб, данде къазабураб 2) (*короткий)* къокъаб; **~ расска́з** къокъго бицараб хабар

СЖА́Т//ЫЙ[2]**, -ая, -ое** лъилъараб; **~ая пшени́ца** лъилъараб ролъ

СЖАТЬ[1] *сов.* 1) *что* данде къазе; **~ть ру́ку** квер данде къазе 2) *перен.* бакIлъизабизе, букIкIинабизе (*рекIел хIал*) 3) *что перен. (сократить)* къокъ гьабизе; **~ть сро́ки** болжал къокъ гьабизе 4) *что* къазе, букъизе; **~ть кула́к** зар букъизе

СЖАТЬ[2] *сов. что с.-х.* лъилъизе (*тIорщел*)

СЖА́//ТЬСЯ *сов. (под давлением, при нажиме*) 1) данде къан гьитIинлъизе 2) (*съежиться*) вукIкIун ине 3) щулаго данде къан ине (*кIутIби*) 4) хIалуцине

СЖЕЧЬ *сов.* бухIизе; цIа лъун бухIизе ◊ **~ свои́ корабли́** аралдаса инкар гьабизе, аралде тIад руссунареб куц гьабизе; цебе букIараб рехун тун, цIияб гIамалалда хьвадизе

СЖИВА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **сжи́ ть(ся)**

СЖИГА́НИЕ *с* (*по гл.* **сжига́ть**) бухIи, бухIизаби

СЖИГА́ТЬ *несов. см.* **сжечь**

СЖИМА́ТЬ *несов. см.* **сжать**[1]

СЖИМА́ТЬСЯ *несов. см.* **сжа́ться**

СЖИНА́ТЬ *несов. см.* **сжать**[2]

СЖИТЬ *сов. кого-что* гIумру гьабизе течIого нахъе гъезе; лазатбахъи гьабун нахъе инаризе; нахъе цун къварилъи гьабизе; **~ с кварти́ры** рокъоса нахъе инаризе; ◊ *~ кого-л.* **со све́та** дуниял тезабизе *(лъиданиги)*

СЖИ́ТЬСЯ *сов.* 1) *с кем (привыкнуть друг к другу)* цадахъ хIал рекъезе, цадахъ гIумру гьабун, цоцаде ругьунлъизе 2) *с чем сунденuги* ругьунлъун ккезе; даимго гьабун *сунденuги* ругьунлъизе; **~ с мы́слью** цо пикруялде ругьунлъизе

СЖУ́ЛЬНИЧАТЬ *сов. разг.* хIилла гьабизе, рекIкI гьабизе, жуликлъи гьабизе

СЗА́ДИ 1. *нареч. (позади)* нахъасан **2**. *предлог с род. п.* нахъа, нахъехун; **сесть ~ него́** досда нахъа гIодов чIезе

СЗЫВА́ТЬ *несов. см.* **созва́ть**

СИ *с нескл. муз.* си (*нота*)

СИБИРЯ́К *м* сибирав, Сибиралда гIурав, Сибиралда гIумру гьабулев чи

СИ́ВКА *м и ж* цIахIилаб чу

СИВУ́ХА *ж* бацIцIад гьабичIеб (нилъецаго бахъараб) гIаракъи

СИ́ВЫЙ, -ая, -ое (*о масти лошади*) цIахIилаб

СИГА́РА *ж* сигара, *(танхъил тIамач къурун гьабураб)*

СИГАРЕ́ТА *ж* сигарета, папирос

СИГНА́Л *м* сигнал

СИГНАЛИЗАЦИО́ННЫЙ, -ая, -ое сигнализациялъул(аб)

СИГНАЛИЗА́ЦИЯ *ж* **1.** (*по гл.* **сигнализи́ровать**) сигнал кьей, сигнал гьаби **2**. сигнализация (*сигнал кьезе гIоло гьабураб къагIида, алатал, система*)

СИГНАЛИЗИ́РОВАТЬ *сов. и несов.* 1) сигнал кьезе, лъазабизе 2) *что, о чем перен. (предупредить)* баян кьезе, лъазабизе, хабар лъазабизе

СИГНА́ЛИТЬ *несов. см.* **сигнализи́ ровать** 1)

СИГНА́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое сигналалъул, сигналияб; хабар лъазабияулъулаб; **~ пост** сигнал кьолеб пост; **~ экземпля́р** сигналияб экземпляр (*басмаялда бахъулеб тIехьалда ва цогидаб жоялда гъалатIал ругищали балагьизе цебеккун кьолеб экземпляр*)

СИГНА́ЛЬЩИК *м* сигналчи, сигнал кьолев чи

СИДЕ́ЛКА *ж* сиделка (*больницаялда унтаразе хъулухъ гьабулей чIужу*)

СИДЕ́НИ//Е *с* (*по гл.* **сиде́ть**) **1.** гIодор чIей; **~ без де́ла** хIалтIи гьечIого гIодор чIей **2. места́ для ~я** гIодор чIезе бакIал **3**. гIодор чIолеб бакI; **~ сту́ла поло́мано** бакIил гIодор чIолеб бакI бекун буго

СИ́ДЕНЬ *м*: **си́днем сиде́ть** (*сидеть долго, постоянно*) кидаго гIодов чIун вукIине, тIаде вахъинчIо гIемераб мехалъ гIодов чIун вукIине

СИДЕ́НЬЕ *с* гIодор чIолеб бакI

СИД//Е́ТЬ *несов.* 1) гIодов чIезе; **~ на сту́ле** бакIида гIодов чIезе; **~ за рабо́той** хIалтIуда нахъа гIодов чIезе 2) (*находиться*) вукIине; **~ до́ма** рокъов вукIине 3) вукIине, ккезе; **~ в тюрьме́** туснахъалде ккезе 4) (*об одежде*) черхалда рекъон ккун букIине; **пла́тье ~ит на ней хорошо́** гурде рекъон ккун буго гъолда ◊ **~е́ть без де́нег** гIарац гьечIого вукIине

СИД//Е́ТЬСЯ *несов. безл.*: **ему́ не ~и́ тся до́ма** рокъов чIезе кIоларо гъосда

СИДЯ́Ч//ИЙ, -ая, -ее 1) гIодов чIараб, гIодов чIун вукIунеб; **в ~ем положе́нии** гIодов чIараб хIалалда; **~ая забасто́вка** гIодор чIун гьабулеб забастовка 2) (*малоподвижный*): **~ о́браз жи́зни** рагъа-рачариго гьечIеб гIумру, рега-рахъун гьабулеб гIумру

СИЕ́ *с см.* **сей**[1]

СИЖУ́ , сиди́ шь *и т.д. наст. от* **сиде́ть**

СИ́ЗЫЙ, -ая, -ое цIахIилхъахIилаб; хъахIилсияб; **~ го́лубь** хъахIилкьераб микки; **~ дым** хъахIилсияб кIкIуй

СИИ́ *мн. см.* **сей**

СИ́Л//А *в разн. знач.* гуч, къуват, кутак, хIал; **в ~ах** хIал кIола; **не в ~ах** хIал кIоларо; **вы́ биться из ~** хIал лъугIизе; **в ~у э́того** гьеб сабаблъун; **изо все́х ~** бугеб-гьечIеб хIалалъ; **~а ве́тра** гьорол къват; **~а то́ка** токалъул къват; **~ы ми́ра** ракълил къуватал; **вооружённые ~ы** яргъид гIуцIарал къуватал ◊ **ему́ э́то не под ~у** гьесухъа гьеб бажаруларо; **через ~у** хIалица; **рабо́тать в по́лную ~у** бугеб рухIалъ хIалтIизе; **ему́ от ~ы три́дцать лет** бищун батани, гьесул (*гьесие*) лъеберго сон буго; **лошади́ная ~а** чол къват; **потеря́ ть ~у** къват лъугIизе, загIиплъизе

СИЛА́Ч *м* кутак бугев чи, кутак цIикIкIарав чи, къуватав чи

СИЛИКА́Т *м* силикат (1 *кремнезем гъорлъ бугел минералал*; 2 *гьединал минералаздасан гьабураб цIарагI, цIер, чини, цемент, кирпич ва ц.)*

СИЛИКА́ТНЫЙ, -ая, -ое силикаталъул, силикаталъул гьабураб

СИ́ЛИ//ТЬСЯ *несов. с неопр. разг. (стараться)* жигар бахъизе; *щибниги* гьабизе лъугьине, хIал бихьизе; **несмотря́ на боль, он ~лся улыбну́ться** унтухъ балагьичIого, гьес гьимизе хIал бахьулеб букIана

СИЛКИ́ *мн.* **сило́к**

СИЛОВ//О́Й, -а́я, -о́е къуватаб; кIудияб кутак, къуват къваригIунеб; **~а́я установка** жинца энергия кьолеб алат; **~о́й приём** къуваталъ гьабулеб приём (*къагIида*)

СИ́ЛОЙ *нареч.* хIалалъ, гучалъ, хIалица, кутакалдалъун; **я ~ не заставля́ ю рабо́тать** дица хIалица хIалтIизе тIамуларо

СИЛО́К *м* гьин, кIичI (*хIанчIи кколеб*)

СИЛОМЕ́Р *м* къуват борцунеб алат

СИ́ЛОС *м (корм)* силос

СИ́ЛОСН//ЫЙ, -ая, -ое силосалъул; **~ая я́ма** силосалъул гвенд; **~ый корм** силос гьабураб рагIи-хер

СИЛОСОВА́НИЕ *с* (*по гл.* **силосова́ть**) силос гьаби, силос бай (лъей)

СИЛОСОВА́ТЬ *сов. и несов. что* силос гьабизе, силос лъезе

СИЛОСОРЕ́ЗКА *ж* силос гьабулеб машина

СИЛУЭ́ Т *м* гъаралди, сипат, силуэт

СИ́ЛЬНО *нареч. в разн. знач.* кутакалда, цIакъ; **~ уда́рить кулако́м по столу́** столалда кутакалда зар базе; **~ скуча́ть** кутакалда ракI гъоларого вукIине, чIалгIун вукIине; **~ укреплённый** цIакъ щула гьабураб

СИ́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое кутакаб, гучаб, гуч гугеб, къуватаб, хIал бугеб, цIакъаб; **~ые ру́ки** къуватал кверал; **~ый ве́тер** кутакалда пулеб гьури; **~ая боль** кутакаб унти; **~ый учени́к**

цIакъав цIалдохъан ◊ **он в э́том не силён** гьениб досул пайда гьечIо

СИМ 1) *тв. п. от* **сей, сие́**; 2) *дат. п. от* **сии́**

СИМБИО́З *м биол.* симбиоз (*кIиго я цIикIкIун организм, цоцазе кумек гьабун, цадахъ бетIербахъи гьабун рукIин*)

СИ́МВОЛ *м* символ (*кинаб бугониги пикруяльре, ишалъе шартIияб гIаламат, ишара*); **бе́лый го́лубь – ~ ми́ра** хъахIмикки ракълил гIаламат ккола

СИМВОЛИЗИ́РОВАТЬ *сов. и несов. что* символлъун букIине, шартIияб гIаламатлъун букIине

СИМВО́ЛИКА *ж сундулниги* киналго символал; **пионе́рская ~** пионеразул киналго символал (*галстук, значок ...)*

СИМВОЛИ́СТ *м лит., иск.* символист (*искусствоялда жаниб символизмалъул рахъ ккурав чи)*

СИМВОЛИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое, **символи́чный**, -ая, -ое символлъун бугеб, символияб; символияб магIна бугеб

СИММЕТРИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое и **СИММЕТРИ́ЧНЫЙ,** -ая, -ое симметрияб, симметрия бугеб

СИММЕ́ТРИЯ *ж* симметрия (*mIубаралъул бутIаби кIиябго рахъалъ цоцалъ пропорционалиял, бащадал рукIин, дандритIун рекъон рукIин*)

СИМПАТИЗИ́РОВАТЬ *несов. кому-чему* вокьизе, рекIее гIезе, цоцазде ракI цIазе, рекIелъ восизе

СИМПАТИ́ЧНЫЙ, -ая, -ое рекIее бокьулеб, жинде ракI цIалеб; **~ челове́к** ракIалъ къабул гьавулев, жинде ракI цIалев куц-мухъ гьайбатав чи

СИМПА́ТИ//Я *ж* 1) рекIее бокьи, ракI жинде цIай 2) вокьарав чи, рекIелъ восарав чи

СИМПО́ЗИУМ *м* симпозиум (*цо хасаб суалалда тIасан гьабулеб (тIобитIулеб) халкъазда гьоркьосеб данделъи (совещание*)

СИМПТО́М *м* гIаламат къватIибе загьирлъи; къватIисеб гIаламат (*унтиялъул, ишалъул)*

СИМПТОМАТИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое 1) загьираб гIаламатлъун бугеб 2) *мед.* унтул загьирал гIаламатал тIатинарулеб (*амма гьеб унтул аслияб гIилла гуреб*)

СИМПТОМАТИ́ЧНЫЙ, -ая, -ое симптомлъун бугеб, загьирияб, тIатараб гIаламатлъун бугеб

СИМУЛИ́РОВАТЬ *сов. и несов. что* хIазе, ххвел гьабизе; **~ глухоту́** гIинкълъараб ххвел гьабизе

СИМУЛЯ́НТ *м* ххвелчи, ххвел гьабулев чи

СИМУЛЯ́НТКА *ж* ххвелчIужу, ххвел гьабулей гIадан

СИМУЛЯ́ЦИЯ *ж* ххвел гьаби, гуккизелъун ххвел гьаби

СИМФОНИ́ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое симфониялъул(аб); **~ий орке́стр** симфониялъулаб оркестр; **~ая му́зыка** симфониялъулаб музыка

СИМФО́НИЯ *ж муз.* симфония (*оркестралъе бугеб кIудияб музыкияб асар*)

СИНАГО́ГА *ж* синагога, жугьутIазул мажгит

СИНГАРМОНИ́ЗМ *м лингв.* сингармонизм (*рагIул рагьарал гьаркьал кьибилалда ругезда релълъин*)

СИНДИКА́Т *м эк.* синдикат (1 *капиталистиял улкабазда предпринимателазул монополияб, дармилаб цолъи;* 2 *цо-цо улкабазда профсоюзазул цIар*)

СИНЕВА́ *ж* хъахIиллъи, хъахIилкьер

СИНЕ́ТЬ *несов. (становиться синим)* хъахIиллъизе, хъахIиллъун лъугьине; хъахIиллъун бихьизе; **~ от хо́лода** квачалъ хъахIиллъун лъугьине

СИ́Н//ИЙ, -яя, -ее хъахIилаб; **~ее не́бо** хъахIилаб зоб; **~ее мо́ре** хъахIилаб ралъад

СИНИ́ТЬ *несов. что* 1) *(белье)* хъахIибилалъулъ хулизе, хъахIибил базе 2) хъахIил белъине, хъахIил гьабизе

СИНИ́ЦА *ж* лъарахIинчI

СИНО́НИМ *м лингв.* синоним (*гьаркьил рахъалъан батIияб, амма магIна цояб рагIи; масала, берцинаб-гьайбатаб*)

СИНОНИ́МИКА *ж лингв.* синонимика (1 *лексикологиялъул синонимал лъазарулеб бутIа;* 2 *мацIалъул синонимазул система*)

СИНОНИМИ́ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое синонимияб; синонимикаялъул; **~ие слова́** синонимиял рагIаби, магIна релълъарал рагIаби

СИНОНИМИ́ЧНЫЙ, -ая. -ое *см.* **синонимический**

СИНО́ПТИК *м* синоптик (*гьава-бакъалъул прогноз кьолев чи (цебеккунго гьеб бицунев чи*)

СИНО́ПТИКА *ж* синоптика (*то же, что и метеорология*)

СИ́НТАКСИС *м лингв.* синтаксис (*предложениялда жанир рагIабазул бухьеналъул, предложениязул, гьезул членазул бицунеб грамматикаялъул бутIа*)

СИНТАКСИЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое синтаксисалъул(аб), синтаксисияб; **~ая оши́бка** синтаксисияб гъалатI

СИ́НТЕЗ *м* синтез (1 *элементазул цолъиялъул ва цоцадехун бугеб бухьеналъул цIех-рех гьабулеб къагIида;* 2 *хим. элементазул химикияб реакцияги гьабун, цIияб химикияб цолъи лъугьин; гIадатиял элементалги цолъизарун, цIияб, батIияб вещество лъу-гьин*)

СИНТЕЗИ́РОВАТЬ *сов. и несов. что* синтез гьабизе, цолъизабизе

СИНТЕТИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое синтезалъул, синтезалда рекъон гьабураб; **~ ме́тод** си́нтезияб къагIида; **~ каучу́к** синтезияб куцалда (*химикияб куцалда*) гьабураб каучук

СИ́НУС *м мат.* синус

СИНХРОНИ́ЗМ *м* синхронизм (*кIиго иш цого заманалда цадахъ лъугьин, цого заманалда букIин*)

СИНХРО́ННЫЙ, -ая.-ое цого заманалда, заман данде ккун лъугьунеб

СИ́НЬКА *ж (для подсинивания)* хъахIибил

СИНЯ́К *м* хъахIиллъараб бакI (*кьабун, тункун);* хъахIиллъи; **изби́ть до ~о́в** хъахIиллъизегIан вухизе

СИОНИ́ЗМ *м* сионизм (*жугьутIазул буржуазияб милатчилъиялъулаб политика, идеология*)

СИОНИ́СТ *м* сионист, сионизмалъул рахъ кколев чи

СИОНИ́СТСКИЙ, -ая, -ое сионистияб, сионистазул(аб)

СИПЕ́ТЬ *несов.* гьаракь хъиризе, хъирараб гьаракь гьабизе, хъирараб гьаракьалъ кIалъазе

СИ́ПНУТЬ *несов.* хъирхъирун лъугьине *(гьаракь)*, хъирхъидизе

СИРЕ́НА *ж* сирена (*сигналалъул гудок*)

СИРЕ́НЕВЫЙ, -ая,-ое 1) сиреналъул; **~ куст** сиреналъул хъарахъ 2) сиреналъул кьераб, хъахIилсияб

СИРЕ́НЬ *ж* сирень (1 *махI берцинаб тIегь бижулеб гъветI (хъарахъ*); 2 *гьеб гъотIол тIегь)*

СИРО́П *м* сироп (*чакарги бан, бакъвалъизегIан гьализабураб пихъил лъим*)

СИРОТА́ *м, ж* бесдал лъимер, ятим

СИРОТЕ́ТЬ *несов.* бесдаллъизе, ятимлъизе

СИРОТЛИ́ВЫЙ, -ая, -ое ятимаб, ялгъузаб, рехун тараб

СИРО́ТСКИЙ, -ая, -ое бесдалазул, ятимзабазул(аб)

СИРО́ТСТВО *с* бесдаллъи, ятимлъи

СИСТЕ́М//А *ж* система (*чIараб низам, тартиб, къагIида*); **избира́тельная ~а** рищиялъул система; **привести́ в ~у** тартибалде бачине, ккезабизе; **де́нежная ~а** гIарцул система

СИСТЕМАТИЗА́ЦИЯ *ж* системаялде ккезаби, системаялде бачин

СИСТЕМАТИЗИ́РОВАТЬ *сов. и несов. что* системаялде ккезабизе, системаялде бачине

СИСТЕМА́ТИКА *ж* системаялда лъей, системаялде ккезаби

СИСТЕМАТИ́ЧЕСКИ *нареч.* 1) системаялда рекъон 2) нахъаса къотIичIого; **~ занима́ться му́зыкой** нахъаса къотIичIого музыка бачунев вукIине (*музыкаялъе ругьун гьавулев вукIине*)

СИСТЕМАТИ́ЧЕСК//ИЙ, -ая. -ое 1) системаялъулаб, система бугеб; **~ое изложе́ние** система бугеб куцалда баян гьаби 2) даимаб, нахъаса къотIичIеб; (*нареч.*) **~и рабо́тать** гьоркьоса къотIичIого хIалтIизе

СИ́ТЕЦ *м* чит, кIаланчIад

СИ́ТЕЧКО *с* 1) гьитIинаб цIалкIу 2) гьитIинаб цIцIура; **ча́йное ~** чайдул цIцIура

СИ́ТН//ЫЙ, -ая, -ое 1) цIалкIараб; **~ая мука́** цIалкIараб ханжу 2) цIалкIараб ханждал гьабураб (*чед*)

СИ́ТО *с* цIалкIу

СИТРО́ *с нескл.* ситро (*пихъил лъим*)

СИТУА́ЦИЯ *ж* ситуация (*кинаб бугониги хIал лъугьинабулел шартIал; ахIвал-хIал*)

СИ́ТЦЕВ//ЫЙ, -ая, -ое читалъул, кIаланчIадил; **~ое пла́тье** читалъул гурде

СИ́ФИЛИС *м мед.* сифилис (*бахунеб, квешаб венерикияб унти, рекIадул унти*)

СИФО́Н *м* сифон (*цо сосудалъуса цогиялъубе лъамалъи чвахизе лъолеб кIичIараб трубка*)

СИЯ́ *ж см.* **сей**[1]

СИЯ́НИЕ *с* кунчIи, канлъи, нур; беразул кунчIи

СИЯ́ТЕЛЬСТВО *с уст. (титул)* революциялда цебесеб Россиялда графасда, князясда ... кIодо гьарун абулеб цIар

СИЯ́//ТЬ *несов. прям., перен.* кунчIизе, гвангъизе; кенчIезе, нур речIчIизабизе, канлъи кьезе; **в тёмном не́бе ~ют звёзды** бецIаб зодир кенчIолел руго цIваби; **его́ глаза́ ~ли от ра́дости** вохиялъ гьесул берал кенчIолел рукIана

СКАБРЁЗНЫЙ, -ая, -ое рекъечIеб, санагIалъи гьечIеб, сурараб, къабихIаб, нахъегIанаб

СКАЗ *м лит.* аралъул хIакъалъулъ цояс бицунеб кIалзул гьуналъул асар

СКАЗА́НИЕ *с* къиса, хабар (*умумузул тарихалда бухъараб),* бицен, аби

СКАЗА́ТЬ *сов. что и без доп.* абизе, бицине ◊ **не́чего** ~ абизе жо гьечIо; **э́ тот, с позволе́ния ~, агроно́м** агрономилан ватилаха гьавги; **шу́тка ли** ~ масхарайилаништха абилеб; **легко́ ~!** бицине бигьаяб буго; **мо́жно** ~ абизе бегьула; **не́чего** ~ абизе жо гьечIо; **кто бы мог ~!** лъидаха кIвелеб букIараб (*гьедин*) абизе

СКАЗА́//ТЬСЯ *сов.* 1) *в чем и без доп. (обнаружиться, проявиться)* асар загьирлъизе, букIине, тIатине; **в его́ рабо́те ~лась хоро́шая подгото́вка** гьесул хIалтIулъ лъикIаб хIадурлъи загьирлъана 2) *кому и без доп. разг. (предупредить)* цебеккун бицине, лъазабизе; **ушёл, не ~вшись** бицинчIого ана (*дов*) 3) *кем разг.* жиндирго цIар бицине, пуланав чи вугилан бицине; **он ~лся больны́м** дос жив унтарав вугилан бицана

СКАЗИ́ТЕЛЬ *м* харбал, маргъаби, къисаби рицунев чи

СКАЗИ́ТЕЛЬНИЦА *ж* харбал, маргъаби, къисаби рицуней гIадан

СКА́ЗКА *ж* 1) маргъа 2) (*выдумка, ложь*) гьереси, ургъун бахъараб жо ◊ **~ про бе́лого бычка́** цого жо цIакъго гIемер бицин, такрар гьаби

СКА́ЗОЧНИК *м* маргъаби рицунев чи, маргъаби рицине махшел бугев чи

СКА́ЗОЧНИЦА *ж* маргъаби рицуней гIадан, маргъаби рицине махшел бугей гIадан

СКА́ЗОЧН//ЫЙ, -ая, -ое *прям., перен.* 1) маргъабазулаб, маргъадулаб 2) маргъабазулъ букIунеб, маргъабазулъ букIунеб гIадаб; **~ богаты́рь** маргъабазулъ вукIунев багьадур 3) *перен.* хIисабалдаса араб, гIорхъолъа араб; кибго букIунареб гIадаб; **~ые города́** цIакъ берцинал, гIажаибал шагьарал; **~ое бога́тство** гIорхъолъа араб бечелъи

СКАЗУ́ЕМОЕ *с гр.* сказуемое, хабар (*предложениялъул член*)

СКА́ЗЫВАТЬСЯ *несов. см.* **сказа́ться**

СКАКА́ЛКА *ж* кIанцIолеб квар, кIанцIеро (*лъимал жиндасан кIанцIолеб, кIиябго рагIалда гIоркьалги ругеб квар*)

СКАКА́ТЬ *несов.* 1) (*ехать вскачь*) бекеризе (*ункъиде кIанцIун*), бекерун ине; **~ во ве́сь дух** бугеб хIалалъ, ункъиде кIанцIун бекеризе 2) (*прыгать*) кIанцIезе; ~ **на одно́й но́жке** цо бохида кIанцIезе 3) *перен.* цо ккураб даражаялда чIунгутIизе; **температу́ра ска́чет** цIа-кан цо хIалалда чIолеб гьечIо (кIанцIолеб буго)

СКАКО́В//О́Й, -а́я, -о́е бекеризе тIамулеб, бекерулеб, бекеризе гьабулеб, бекеризе биччалеб; **~а́я ло́шадь** бичалеб чу; **~о́й ипподро́м** чуял тIамулеб, чуял риччалеб майдан

СКАКУ́Н *м (конь)* бекерухъан

СКАЛА́ *ж* кьуру

СКАЛИ́СТЫЙ, -ая, -ое кьураби ругеб; ~ **бе́рег** кьураби ругеб рагIал

СКА́ЛИТЬ *несов* цаби цере лъезаризе, цаби рихьизаризе ◊ ~ **зу́бы** гьимизе, велъанхъизе

СКА́ЛИТЬСЯ *несов.* жиризе, цере лъезе

СКА́ЛКА *ж* михир (*панкъалда тIад гирулеб*), гурдуро (*диал.*)

СКАЛОЛА́З *м* кьурабалъе харизе, вахине гьунар бугев чи, парсихъан

СКАЛОЛА́ЗАНИЕ *с* кьурабалъе хари

СКА́ЛЫВАТЬ *несов. см.* **сколо́ть**

СКАЛЬКИ́РОВАТЬ *сов. что см.* **кальки́ровать**

СКАЛЬКУЛИ́РОВАТЬ *сов. что см.* **калькули́ровать**

СКА́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое кьурабазулаб, ганчIилаб

СКА́ЛЬП *м* ботIродаса чукIараб тIом

СКА́ЛЬПЕЛЬ *м мед.* скальпель (*хирургасул гьитIинаб нус*)

СКАМЕ́ЙКА *ж* халабакI, хьонбакI, скамейка

СКАМЬ//Я́ *ж см.* **скаме́йка** ◊ **со шко́льной ~и́** школа лъугIаралдаса нахъе; **попа́сть на ~ю́ подсуди́мых** диваналде, судалде ккезе

СКАНДА́Л *м* 1) гъалмагъир, гIала-гъважа; **устро́ить** ~ гъалмагъир гьабизе 2) сурараб иш

СКАНДАЛИ́СТ *м* гъалмагъирчи, гIала-гъважачи, гъалма-гъир гьабулев чи; вагъизе, семизе бокьулев чи

СКАНДАЛИ́СТКА *ж* гъалмагъирчIужу, гIала-гъважа чIужу, гъалмагъир гьабулей гIадан; ягъизе, семизе бокьулей гIадан

СКАНДА́ЛИТЬ *несов.* гъалмагъир гьабизе, гIала-гъважа гьабизе

СКАНДА́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое 1) (*позорящий*) гIадамаздаса нечараб, халкъалда сурараб; ~ **слу́чай** халкъалда сурараб лъугьа-бахъин 2) *разг.* гъалмагъир бокьулев, гIала-гъважа гьабичIого чIоларев; ~ **челове́к** гъалмагъирчи

СКА́НДИЙ *м* скандий (*хим. элемент*)

СКАНДИНА́ВСК//ИЙ, -ая, -ое скандинавазул(аб); **~ие языки́** скандинавазул мацIал

СКАНДИ́РОВАНИЕ *с* цIалулаго кочIол слогал, бутIаби баянго, гьаракь борхун, цIали

СКАНДИ́РОВАТЬ *несов. что* цIалулаго кочIол слогал, бутIаби баянго, гьаракь борхун, цIализе

СКА́НЕР *м* сканер (*графика, текстал суратал ва гь.ц. компютералде кьолеб оптикияб прибор*)

СКА́ПЛИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **скопи́ть(ся)**

СКАРБ *м разг.* къайи-цIа, къайи-къоно, къайи-матахI

СКА́РЕД, СКА́РЕДА *м, ж см.* **скря́га**

СКА́РЕДНИЧАТЬ *несов. разг. см.* **скря́жничать**

СКА́РЕДНОСТЬ *ж см.* **скря́жничество**

СКА́РЕДНЫЙ, -ая, -ое *разг.* барахщарав, цIакъ бахилав, къарумав

СКАРЛАТИ́НА *ж мед.* скарлатина (*лъималазул щекъер гьорояльул унти, щекъер гьорой)*

СКА́РМЛИВАТЬ *несов. см.* **скорми́ть**

СКАТ[1] *м (наклон)* лабаллъи, лабаллъи бугеб бакI, гIодоберегел, гъвел; ~ **кры́ши** тIохил гIодобе балагьи, гIодоберегел

СКАТ[2] *м (колесо)* гьакибер

СКАТ[3] *м (рыба)* скат (*чIахIияб чугIил цо тайпа*), скат ччугIа

СКАТА́ТЬ *сов. что* 1) (*свернуть)* гуризе 2) гирун гургин гьабизе; ~ **снежо́к** гирун гIазул горо гьабизе 3) (*свалять)* бугIизе (*буртина*)

СКА́ТЕРТЬ *ж* скатерть, столалда тIамулеб жо

СКАТИ́ТЬ *сов. кого-что* гIодобе гиризабизе, ~ **ка́мень с горы́** магIардасан гьорчо биччазе

СКАТИ́ТЬСЯ *сов.* 1) гIодобе гиризе, гирун ине, гебегун ине 2) *перен.* тIасагъоркье ине, нахъе ккезе, цебетIеялдаса чIунхутIиялде ккезе

СКА́ТЫВАТЬ *несов. см.* **ската́ть**

СКА́ТЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **скати́ть(ся)**

СКАФА́НДР *м* скафандр (*лъадада гъоркье унелъул яги космосалда ретIунеб ретIел*)

СКА́ЧК//А *ж* 1) ункъиде кIанцIун бекери *(чу)* 2) *мн.* **~и** (*состязания*) чуял риччай, чуял рекеризе тIами

СКАЧКООБРА́ЗН//ЫЙ, -ая, цокIаллъи гьечIого, хехал хисабигун цебе тIолеб, гьабулеб, лъугьунеб; кIанцI-кIанцIун лъугьунеб, цокIалго гуреб, цо хIалалдаса цоги хIалалде хехго хисулеб; **~ые изме́нения температу́ры** бухIи-цIороялъулъ кколел хехал хисаби

СКАЧО́К *м в разн. знач.* 1) кIанцIи́ 2) *перен.* цокIаллъи гьечIого лъугьараб хиси

СКА́ШИВАТЬ[1,2] *несов. см.* **скоси́ ть**[1,2]

СКВА́ЖИНА *ж* 1) къваридаб каратI, кьватIел; **замо́чная ~** рахаялъул каратI 2) скважина, ракь борлъун, бахъараб гъваридаб каратI (*нефть, лъим ва ц. бахъизе)*; **нефтяна́я ~** нефть бахъулеб скважина, нефталъул (*чIегIернарталъул*) скважина

СКВЕР *м* сквер (*шагьаралда гIадамал хьвадулеб гьитIинаб ах*)

СКВЕ́РНО *нареч.* квеш, хъубго, лазат бахъун; **с ни́ м поступи́ли ~** досие бегьулареб жо гьабуна; **~ себя́ чу́вствовать** кеп гьечIого вукIине; **~ па́хнуть** квешаб махI бахъине

СКВЕРНОСЛО́ВИТЬ *несов.* хъубаб, чорокаб мацI бицине

СКВЕ́РН//ЫЙ, -ая, -ое хъубаб, чорокаб; цIакъ квешаб; **~ая пого́да** цIакъ квешаб гьава-бакъ; **~ый язы́ к** хъубаб мацI; **~ый хара́ктер** квешаб, захIматаб гIамал-хасият

СКВИТА́ТЬСЯ *сов. разг. (покончить взаимные счеты*) цоцазе налъаби рецIун лъугIизаризе; дагIба-къец лъугIизабизе

СКВОЗИ́ //ТЬ *несов.* 1) *безл.* добе-гьанибе хьвадизе (*гьури*), гьоркьосан гьури хьвадизе; **закро́йте окно́, а то ~т** горду къай, гьури хьвадизе лъугьунеб бугин 2) гьоркьосан бачIине; **че́рез ще́ли ста́вен ~т свет** цIулал гордазул ричIарал бакIаздасан канлъи бачIунеб буго 3) *перен. (чувствоваться)* гьорлъан баккизе, гьорлъан бихьизе; **в его́ слова́х ~ ло недове́рие** гьесул рагIабаздасан божунгутIи бичIчIулеб (бихьулеб) буго

СКВОЗН//О́Й, -а́я, -о́е 1) (*проходящий насквозь*) цоцаде багьараб; **~а́я ра́на** цоцаде багьараб, добехун баккараб ругъун 2) (*без пересадок)* битIухъе унеб; **~о́й по́езд** битIухъе унеб поезд, щвезе кколеб бакIалде щвезегIан поезд хисизе кколареб 3) (*пронизывающий*) добе-гьанибе хьвадулеб, борлъун бачIунеб, речIчIун бачIунеб, гьорлъе кколеб (*бортулеб*) ◊ **~о́й ве́тер** *см.* **сквозня́к**

СКВОЗНЯ́К *м* добе-гьанибе хьвадулеб гьури, рокъоса рокъобе хьвадулеб гьава

СКВОЗЬ *предлог с вин. п.* гьоркьосан, гьорлъан, -дасан; **~ ту́чи** накIкIазда гьорлъан; **проби́ться ~ толпу́** данделъараб халкъалда (*къапилаялда*) гьоркьосан нух бахъизе; **прошёл ~ ого́нь и во́ду** цIадулъанги лъадалъанги ана (*лъадари щвана*) ◊ **~ зу́бы** бичIчIулареб куцалъ (*цабзакьан*) гаргадизе; **смотре́ть ~ па́льцы** бихьулареб ххвел гьабизе

СКВОРЕ́Ц *м* чIегIерхIинчI, чIигъа

СКВОРЕ́ЧНИК *м* чIегIерхIанчIил рукIун (рукъ)

СКЕЛЕ́Т *м* 1) *анат.* ракьа-кIача (*гIадамазул, хIайваназул*) 2) (*основа, каркас*) **железобето́нный ~** маххбетоналъул жанисеб маххулаб бутIа

СКЕ́ПТИК *м* 1) *филос.* скептицизмалъул рахъ ккурав чи 2) щибго жо битIараб букIиналда щакдарулев чи

СКЕПТИЦИ́ЗМ *м* скептицизм (1 *филос. инсанасда дуниял лъазе рес гьечIилан чIараб идеализмалъулаб философиялъул чвахи;* 2 *щибго жо битIараб букIиналда щакдари, васвасди)*

СКЕПТИ́ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое 1) щакдариялъул, божулареб куцалъул, васвасдулеб 2) скептицизмалъулаб; **~ая филосо́фия** скептицизмалъулаб философия

СКЕТЧ *м театр.* скетч (*махсара-хочIаб магIна бугеб кIиголъабго чияс хIалеб къокъаб пьеса*)

СКИ́ДК//А *ж* 1) тIаса рехи, дагьлъизаби; **сде́лать ~у** тIаса рехизе 2) чIвараб багьа гIодобегIан бачин; **прода́жа това́ров со ~ой** багьаги гIодобегIан бачун къайи бичи ◊ **без вся́ких ски́док** щибниги тIаса рехичIого, кигIан дагьабги бигьалъи гьабичIого

СКИ́ ДЫВАТЬ *несов. см.* **ски́ нуть**

СКИ́ НУТЬ *сов.* 1) *кого-что* гъоркье рехизе; **~ снег с кры́ши** тIохдаса гIазу гъоркье рехизе 2) *что разг. (одежду, обувь)* тIаса бахъизе; **~ пальто́** пальто тIаса бахъун рехизе 3) что (*уступить в цене)* тIаса рехизе (*бичулеб жоялъул багьа*); **~ пять рубле́й** щуго гъурущ тIаса рехизе 4) *что (о весе)* тIаса рехизе (цIайи)

СКИ́ПЕТР *м ист.* скипетр (*пачалъиялъул гIаламатлъун букIараб гIанса*)

СКИПИДА́Р *м* скипидар

СКИПИДА́РНЫЙ, -ая, -ое скипидаралъул; **~ за́пах** скипидаралъул махI

СКИРД *м,* **скирда́** *ж* 1) харил гIарахъ 2) хIалухъадул гIари

СКИРДОВА́ТЬ *несов. что* гIарахъ гьабизе, гъуни чIвазе, гIари гьабизе, гIархъиде буссинабизе

СКИСА́ТЬ *несов. см.* **ски́ снуть**

СКИ́СНУТЬ *сов.* 1) (*о молоке*) цIекIлъизе; бетизе; **молоко́ ски́сло** рахь цIекIлъана 2) *перен. разг.* вечIазе, дализе, чIаголъи хвезе, гIодов чIвазе

СКИТА́ЛЕЦ *м* хьвадулев вукIунев чи, дуниял тирулев вукIунев чи, дуниял теркулев чи

СКИТА́ЛИЦА *ж* хьвадулей йикIуней гIадан, дуниял тирулей йикIуней гIадан, дуниял теркулей гIадан

СКИТА́НИЕ *с* (*по гл.* **скита́ться**) дуниял терки, бакI-бакIалде хьвади, рахъ-рахъалде гочари

СКИТА́ТЬСЯ *несов.* дуниял теркизе, рахъ-рахъалде хьвадизе, дуниял тиризе

СКЛАД[1] *м* склад; **~ ору́жия** яргъил склад

СКЛАД[2] *м (строй, характер*) тIабигIат, хасият, куц; **~ жи́ зни** гIумру гьабулеб куц, къагIида

СКЛА́ДК//А *ж* 1) кIичIвараб, жанибе чIвараб бакI; **ю́бка в ~у** тIанчал лъураб юбка 2) сукIараб бакI, рукIкIен; **~и на лбу** надалда ругел рукIкIалаби 3) *геол.* ракьул гьатазул кIичIкIичIи

СКЛАДН//О́Й, -а́я, -о́е сукIулеб, сукIизе бегьулеб, кIичIвалеб; **~о́й нож** кIичIвалеб нус; **~ая крова́ть** сукIулеб кровать

СКЛА́ДНЫЙ, -ая, -ое *разг.* 1) (*о фигуре*) чIурканаб; рекъараб; берцинаб 2) (*о речи*) магIна бугеб, берцинаб, цоцада бухьараб

СКЛАДСК//О́Й, -а́я, -о́е складалъул; **~о́е помеще́ние** складалъул, склад бугеб рукъ, складалъе тараб рукъ

СКЛА́ДЧАТЫЙ, -ая, -ое сукIалаби, рукIкIалаби ругеб, тIанчахараб

СКЛА́ДЧИНА *ж* гIаммаб ишалъе данде рехараб гIарац *ва гь. ц.*

СКЛА́ДЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **сложи́ ть(ся)**

СКЛЕ́ИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **скле́ить(ся)**

СКЛЕ́ИТЬ *сов. что* седезе, рекIинабизе (*синуялъ*); **~ листы́** тIанчал данде седезе

СКЛЕ́ИТЬСЯ *сов.* седезе, рекIине, (*седон*) рекIине

СКЛЕ́ЙКА *ж* (*по гл.* **скле́ить**) седей, данде рекIин

СКЛЕ́П *м* ракъулъ рукъ гIадин гьабураб хоб

СКЛЕПА́ТЬ *сов. что* магI бан, рекIинабизе (*махх*); мицIрал тIаде чIвазарун, цоцада рекIинаризе

СКЛЕРО́З *м мед.* склероз (*гIадалнахалъул ва гь.ц. бидури-хьал кьварилъи, кьвакIи*)

СКЛЕРОТИ́ ЧЕСКИЙ, -ая, -ое 1) склерозалъул, склерозияб 2) склероз унти бугеб, склерозалъ унтарав

СКЛО́К//А *ж* дагIба-рагIи, къец, къацанди; гIисинал напсиял мурадазе гIоло багьарулеб дагIба, цоцалъ къеркьей; **заводи́ть ~у** дагIба-рагIи багьаризабизе

СКЛОН *м* хьибил, гьвел; **~ы гор** мугIрузул гьулдул; ◊ **на ~е лет** херлъараб къоялъ, харадуниб

СКЛОНЕ́НИЕ *с* **1. (***по гл.* **склони́ть**) къулизаби **2**. (*по гл.* **склони́ ться**) гIодове къули, къули **3**. *грам.* падежазде свери

СКЛОНИ́ ТЬ *сов.* 1) *что (наклонить)* къулизабизе; **~ го́лову** бетIер къулизабизе 2) *кого-что перен. (уговорить)* гьетIизавизе, *щибниги иш гьабиялъе* рази гьавизе, тIаделъун *щибниги ишалъе* мукIур гьавизе; **~ к бе́гству** тIуризе рази гьавизе

СКЛОНИ́ ТЬСЯ *сов.* 1) (*наклониться*) къулизе 2) *перен. (согласиться)* разилъизе, рекъезе, гьетIизе (*щибниги иш гьабиялде*)

СКЛО́ННОСТЬ *ж* гьетIи; гъира, бокьи, ракIбай; **у него́ есть ~ к матема́тике** математикаялде рекIел цIайи буго досул

СКЛОНЯ́ ЕМЫЙ, -ая, -ое *грам.* падежазде сверулеб

СКЛОНЯ́ ТЬ *несов.* 1) *см.* **склони́ ть** 2) *что грам.* падежазде сверизабизе 3) *кого-что перен. разг. (часто упоминать)* гIемер ракIалде щвезабизе ◊ **~ на ра́зные лады́** цIар гIемер рехсезе, кIалухъ вахъизе

СКЛОНЯ́ ТЬСЯ *несов.* 1) *см.* **склони́ ться** 2) *грам.* падежазде сверизе

СКЛО́ЧНИК *м разг.* дагIбадухъан, мацIихъан, къватIул хабаралда хадув лъугьарав чи

СКЛО́ЧНИЦА *ж* дагIбадухъан,… мацIихъан (*чIужугIадан*)

СКОБА́ *ж* 1) (*ручка*) кверкъел (*нуцIил, гьансил*) 2) *чIалаби цоцаца кквезаризе кьабулеб* гьанцIа

СКО́БК//А *ж* 1) *см.* **скоба́** 2) *грам., мат.* ско́бка; **кру́глые ~и** гургинал скобкаби 3) (*способ стрижки волос*) **он подстри́ жен в ~у** досул ботIрол рас гургин гьабун къунцIун буго

СКОБЛИ́ ТЬ *несов. что* хачазе, хъвагIазе

СКОБЯН//О́Й, -а́я, -о́е махх-кIачалъул; **~ы́е това́ры** махх-кIачалъул къайи-матахI (*кверкъелал, кIиликIичIал, рахаял, нукьдул ва ц.*)

СКО́ВАННОСТЬ *ж* ккурав гIадин вукIин, гIуни; ~ **движе́ний** рагъа-рашариялъе эркенлъи гьечIолъи

СКО́ВАНН//ЫЙ, -ая. -ое ккун чIезабураб **~ый льда́ми** цIороца ккураб, ккун чIезабураб 2) *перен. (лишенный свободы и легкости)* эркенлъи, тIадагьлъи гьечIеб ◊ **~ая улы́ бка** кIутIбузда рекIун хутIараб гьими

СКОВА́//ТЬ *сов.* 1) *что (выковать)* бацIун гьабизе (*маххул тIагIел*); **~ть подко́ву** (*чол*) бацIун тикъва гьабизе 2) *что (соединить ковкой)* бацIун рекIинабизе 3) *кого-что (надеть оковы)* маххал разе, хIухьдул разе 4) *кого перен. (лишить возможности двигаться, действовать)* махх барав гIадин, чIезавизе 5) *что перен. (покрыть льдом)* цIороца бацизе

СКОВОРОДА́ *ж* цIоп, къоно, ялгъав, зайдан

СКОВОРО́ДКА *ж разг. см.* **сковорода́**

СКО́ВЫВАТЬ *несов. см.* **кова́ть**

СКОВЫ́ РИВАТЬ *несов. см.* **сковырну́ть**

СКОВЫРНУ́ ТЬ *сов. что разг.* бикIун тIезабизе, бикIизе

СКОЛА́ЧИВАТЬ *несов. см.* **сколоти́ ть**

СКОЛОТИ́ //ТЬ *сов.* 1) *что* бухун цоцалъ гъункизабизе; **~ть до́ски** хъарщал цоцалъ гъункизаризе, хъарщал магIаз щула гьаризе 2) *что* гьабизе; **~ть я́ щик из до́сок** хъарщазул щикI гьабизе 3) *кого-что перен. разг. (организовать)* гIуцIизе; ~ **брига́ду** бригада гIуцIизе 4) *что перен. прост. (скопить)* данде гьабизе, бакIаризе; ~ **де́ньги** гIарац бакIаризе, данде гьабизе

СКОЛО́ТЬ[1] *сов. что* 1) (*лед и т.п.*) тIезабизе, батIа гьабизе (*кьабун); ~* **лёд с тротуа́ра** тротуаралдаса (*тIезабун*) цIер батIа гьабизе

СКОЛО́ТЬ[2] *сов. что (скрепить)* рукIкIен чIван данде бачине, цолъизабизе, рекIинабизе; ~ **во́рот була́вкой** кIичIвалеб рукIкIеналъ гурдил габур данде бачине

СКОЛЬЖЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **скользи́ть**) кIкIуржин, хъущтIи, хъущтIун ин

СКОЛЬЗ//И́ТЬ *несов.* 1) кIкIуржун ине; хъущтIизе, хъущтIун ине; **но́ги ~я́т** хIатIал хъущтIулел руго; **~ть по льду** цIородасан хъущтIизе 2) *перен.* лъедараб гIадин, сундаго бачIого-хъвачIого, дурун ине; ~ **глаза́ми** хехго бер щвезабизе (*цIалулаго*)

СКО́ЛЬЗК//ИЙ, -ая, -ее 1) цIвакараб, хъуштIулеб, кIкIуржун унеб; ~ **лёд** цIвакараб, хъуштIулеб цIер; **~ая ры́ ба** цIвакараб ччугIа 2) *перен.* кьучI гьечIеб, чIемегIаб; хIинкъи бугеб, щакаб; **~ое де́ло** кьучI гьечIеб, щаклъи бугеб иш; ~ **путь** щакаб, итизе бегьулеб нух

СКО́ЛЬЗКО *в знач. сказ. безл.* хъещтIолеб хIал буго; **сего́дня на у́лице** ~ жакъа къватIиб хъещтIолеб хIал буго, цIвакун буго

СКОЛЬЗНУ́ТЬ *сов.* 1) *однокр. к* **скользи́ть** 2) лъурун ине, хъван-хъвачIого ине 3) хехго, вихьичIого, халлъичIого векеризе, вахчизе, кивениги щинкIун ине

СКОЛЬЗЯ́Щ//ИЙ, -ая, -ее 1) хъущтIулеб, кIкIуржулеб, хъущтIун унеб; **~ая похо́дка** тIадагьаб рилъгьин 2) (*меняющийся, непостоянный*) хисулеб, цо чIараб хIалалда гьечIеб; **~ий гра́фик** цо чIараб хIалалда букIунареб график, хис-хисулеб график

СКО́ЛЬКО чан, кигIан; ~ **вам лет?** чан сон дур бугеб? ~ **сто́ит?** багьа кигIан бугеб? багьа щиб? ~ **уго́дно** кигIан бокьаниги; ~ **раз?** чан нухалъ? ~ **вре́мени?** кигIан заманалъ? заман кигIан бугеб? ~ **бы ни́ было** кигIан букIаниги

СКО́ЛЬКО-НИБУДЬ *нареч.* кигIан бугониги, цодагьаб; **пришли́ мне ~ де́нег** цодагьаб гIарац битIе дие

СКО́ЛЬКО-ТО *нареч.* цо чанго, цо чаналиго

СКОМА́НДОВАТЬ *сов. что и без доп.* буюрухъ кьезе, буюризе; кьварун лъазабизе

СКОМБИНИ́ РОВАТЬ *сов. что см.* **комбини́ ровать**

СКО́МКАТЬ *сов.что* 1) букIкI-букIкIинабизе, кIвекIун рехизе; ~ **бума́гу** кагъат кIвекIун рехизе 2) *перен.* баха-бачун гьабизе, тIаса-масаго гьабизе; чIвагIа-рагIан бачине; ~ **расска́з** хабар къокъ гьабун хвезабизе

СКОМПРОМЕТИ́РОВАТЬ *сов. кого-что* гIайиб-багьана тIаде бугъизе; санагIат гьечIеб, къимат хвараб хIалалде ккезавизе, шакдари бижизабизе (*лъидехунниги)*

СКОНСТРУ́ИРОВАТЬ *сов. что* конструкция гьабизе, гIуцIизе

СКОНФУ́ ЗИТЬ *сов. кого* нечезавизе, намуслъизавизе

СКОНФУ́ ЗИТЬСЯ *сов.* нечезе, намуслъизе

СКОНЦЕНТРИ́РОВАТЬ *сов. кого-что* цо бакIалде бакIаризе, цо бакIалда данде гьабизе, цойиде бакIаризе

СКОНЦЕНТРИ́РОВАТЬСЯ *сов.* цо бакIалде данделъизе, бакIарун данделъизе, цо бакIалде рачIине

СКОНЧА́ТЬСЯ *сов.* хвезе (*чи*)

СКООПЕРИ́РОВАТЬСЯ *сов.* кооперациялде руссине, кооперациялде цолъизе

СКООРДИНИ́РОВАТЬ *сов. что* рекъе-решезабизе, цойиде ккезабизе, битIа-бишун ккезабизе, дандбазе, данде ккезабизе

СКОПЕ́Ц *м* ахтаяв чи, сверарав чи

СКОПИДО́М *м разг.* тIасан ккун къарумав чи, цIакъ бахилго боцIи данде гьабулев чи

СКОПИДО́МКА *ж разг.* цIакъ къарумай гIадан, цIакъ бахилго боцIи данде гьабулей гIадан

СКОПИДО́МСТВО *с разг.* тIасан ккараб къарумлъи

СКОПИ́РОВАТЬ *сов.* 1) *что (снять копию)* копия бахъизе 2) *кого-что перен. лъилниги* хасият, гIамал хIазе; лъихъегониги гьабизе

СКОПИ́ТЬ *сов. что, чего (накопить*) данде гьабизе, бакIаризе; ~ **де́нег** гIарац данде гьабизе, бакIаризе

СКОПИ́ ТЬСЯ *сов.* данделъизе, бакIарун данделъизе

СКОПЛЕ́НИЕ *с* данде гьаби, данде бакIари; цо бакIалде ба-кIари; ~ **наро́да** цо бакIалде бакIарараб халкъалъул кIудияб къадар; цо бакIалде ракIарарал гIадамазул, предметазул кIудияб къадар

СКОПЛЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **скопи́ ть(ся)**

СКОПИ́ТЬ *сов. что* дагь-дагькун данде гьабизе, нахърател гьабизе

СКО́ПОМ *нареч. разг.* цадахъ, гохI бан, руккел гьабун

СКОРБЕ́ТЬ *несов.* пашманлъизе, ургъел ккезе, къваридго вукIине

СКО́РБНЫЙ, -ая, -ое пашманаб, къваридаб, ургъалилаб

СКОРБЬ *ж* пашманлъи, ургъел, къварилъи

СКОРЕ́Е 1. *сравн. ст. к* **ско́рый** и **ско́ро; чем ~, тем лу́чше** кигIан хехго бугониги (*гьабуниги*), гьедигIанго лъикI букIине буго **2**. *нареч. (вернее)* – гIан; **подарю́ их своему́ дру́гу, чем прода́м вам** дуе ричизегIан дирго гьудулясе сайигъат гьарила гьел; ~ **похо́ж на мать, чем на ота́** инсудасаги эбелалда релълъарав вуго; ~ **всего́** сундасаго цебе

СКОРЛУП//А́ *ж* 1) гIабул (*ханил, цIулакьодул*); ~ **яйца́** ханил гIабул 2) тIад бугеб хъал, тIасияб хъал, макъар; ◊ **замкну́ться в свою́ ~у́** живго жиндиего гIун, гIадамаздаса тIун вукIине

СКОРМИ́ ТЬ *сов. что* кваназе жо кьезе (*боцIуе*)

СКОРНЯ́К *м* цIакал (*кIвекIун*) къачIалев чи, цIоко-къехьалъул устар

СКО́РО *нареч.* 1 (*быстро*) хехго, хех; **идти́ о́чень** ~ цIакъ хехго ине 2 (*вскоре*) кватIичIого, хеккого; **я ~ прие́ду** дун хекко вачIина

СКОРОВА́РКА *ж* скороварка (*хIухьлал тIадецуялдалъун хехго квен белъунеб хьаг*)

СКОРОГОВО́РК//А *ж* 1) (*быстрая речь*) хехаб, дурараб калам; **говори́ ть ~ой** хехго гаргадизе, дурун кIалъазе 2) абизе захIматаб куцалда гьаркьал сокIкIун гIуцIараб калам (*квегIаб кваначIила, кваранабаб кванарабила*)

СКОРОПАЛИ́ ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое цIакъго, хIаталдасан ун хехаб, цIакъ хIалакун гьабураб, хъатамасан гьабураб, кIудияб

хехдариялда гьабураб; **~ое реше́ние** цIакъго хIалакун гьабураб хIукму

СКО́РОПИСЬ *ж* квералъ хъвалеб хехаб бегараб хатI; хех хъвадари

СКОРОПО́РТЯЩ//ИЙСЯ, -аяся, -еяся хехго холеб, хехго пасалъулеб; **~иеся проду́кты** хехго холел квана-гьекъолел жал (*кванил нигIматал*)

СКОРОПОСТИ́ЖН//ЫЙ, -ая, -ое (*о смерти*) ракIалдаго гьечIого, ккараб, хабар гьечIого, ккараб; **~ая смерть** тохлъукье ккараб хвел

СКОРОСПЕ́ЛКА *ж (плод)* хекко барщулеб пихъ; цудунго-барщ

СКОРОСПЕ́Л//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*о плодах*) цудунго барщулеб; **~ые я́блоки** цудунго барщулеб гIеч 2) *перен. разг. (поспешный*) цIакъго хех *цощинаб ишалъулъ* цеве кIанцIарав, хехго гIурав 3) *перен. разг. (поспешный*) тIокIкIинабичIеб, щолелъубе щвечIеб, гIедегIалихъе гьабураб *(хIалтIи, пикру)*

СКОРОСТНИ́К *м* цIакъго хех хIалтIулев чи; бищун хехал самолетал, поездал рачунев чи

СКОРОСТН//О́Й, -а́я, -о́е 1) цIакъ хехаб, цIакъ гIедегIараб; **~о́й самолёт** хехаб самолет 2) хехаб, лъугIел бугеб; **~о́й ме́тод строи́тельства** минаби раялъул ишалда лъугIел бугеб къагIида, хехаб метод; **~ая пла́вка** хехаб махх биин

СКОРОСТРЕ́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое хех кьвагьдолеб; **~ая пу́шка** хех кьвагьдолеб гIарада

СКО́РОСТ//Ь *ж* 1) хехлъи́; **~ь зву́ка** гьаркьил хехлъи 2) *тех.* скорость; **переключе́ние ~е́й** скорость хиси 3) (*быстрота доставки грузов*) къайи, юк (*цо бакIалде*) щвезабиялъул хехлъи; **отпра́вить груз ма́лой ~ью** къайи гIедегIичIого (*гьитIинаб хехлъиялда*) битIизе

СКОРОТА́ТЬ *сов.:* **~ вре́мя** заман инабизе (*сунденги вуссун*)

СКОРОТЕ́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое хех унеб, тIагIунеб; **~ ая ра́дость** хехго унеб, хехго лъугIулеб рохел ◊ **~ ая чахо́тка** хехго чорхолъ бессулеб, хвалде рачунеб чахотка

СКОРОХО́Д *м* 1) хех вилълъанхъулев чи 2) *спорт.* цIакъ хех вилълъунев, векерулев, лыжаби риччалев спортсмен

СКОРПИО́Н *м* ичIкIал

СКО́РЧИТЬ *сов. см.* **ко́рчить**

СКО́РЧИТЬСЯ *сов. см.* **ко́рчиться**

СКО́Р//ЫЙ, -ая, -ое 1) хехаб, гIедегIараб; **идти́ ~ым ша́гом** хехаб рилъгъада ине; **~ый по́езд** хехаб поезд; **~ый в рабо́те** хIалтIулъ хехав, гIедерав 2) (*близкий по времени*) гIагараб (*заманаялда*); **в ~ом вре́мени** гIагараб заманаялда жаниб ◊ **на ~ую ру́ку** хъата-масан (*гьабураб*); **~ая по́мощь** хехаб кумек

СКОСИ́ ТЬ[1] *сов.* бецизе; **~ траву́** хер бецизе

СКОСИ́ТЬ[2] *сов. что (сделать косо*) гьетIизабизе, хъвалисинабизе

СКОТ *м* боцIи (*рукъалъул*); **кру́пный рога́тый ~** чIегIербоцIи; **мясно́й ~** гьан гIемер бахъулеб боцIи; **поголо́вье ~а́** боцIул къадар (*бетIер*)

СКОТИ́НА 1) *ж собир. (скот)* хIайванал, боцIи 2) *м, ж бран.* панз, хIайван

СКО́ТНИК *м* боцIухъ балагьулев, гьелъул тIалаб гьабулев чи, боцIухъан

СКО́ТНИЦА *ж* боцIухъ балагьулей гIадан, боцIухъан

СКО́ТНЫЙ, -ая, -ое хIайваназул, боцIул; **~ двор** боцIул азбар, бокьабахъ (*боцIи къватIибе биччалеб бакI*)

СКОТОБО́ЙНЯ *ж* боцIи хъолеб, ччукIулеб бакI, думур

СКОТОВО́Д *м* боцIи хьихьиялъул, гIезабиялъул специалист

СКОТОВО́ДСТВО *с* боцIухъанлъи, боцIи хьихьун гIезаби

СКОТОВО́ДЧЕСКИЙ, -ая, -ое боцIухъанлъиялъулаб, боцIи хьихьун гIезабиялъулаб; **~ совхо́з** боцIухъанлъиялъул(аб) совхоз

СКО́ТСКИЙ, -ая, -ое 1) хIайваназул(аб) (*масала, унти*) 2) *перен.* панзаб, панзилаб, хъачIаб, адаб-хъатиралдаса бахъараб, нахъегIанаб

СКО́ТСТВО *с (грубость)* панзлъи, бичч-бакъ гьечIолъи; нахъегIанлъи, адаб-хъатир гьечIолъи

СКОТЧ *м* скотч (*щибниги седезе, сунданиги тIад жемизе хIалтIизабулеб тIеренаб рекIунеб пленка*)

СКРА́ДЫВА//ТЬ *несов. что* гьоркьго кIкIвазабизе, бахчизабизе, ргIизе тунгутIизе (*гьаракь*); **пла́тье ~ет недоста́тки фигу́ры** гурдица къаркъалаялъул гIунгутIаби рахчула

СКРА́СИТЬ *сов. что* берцин гьабизе, лъикI гьабизе; гIунгутIаби рахчизаризе

СКРА́ШИВАТЬ *несов. см.* **скра́сить**

СКРЕБНИ́ ЦА *ж* хачав (*чое тимар гьабулеб маххул щетка*)

СКРЕБО́К *м* 1) квархи 2) (*къадал устарасул*) хъалахъ 3) *щибниги* хъвагIалеб, хачалеб бугеб алат

СКРЕ́ЖЕТ *м* къирши (*цабзазул*)

СКРЕЖЕТА́ТЬ *несов.* цаби къерщезаризе; **цепь скреже́щет** рахсил къирщ-къирщи бахъунеб буго

СКРЕ́ПЕР *м* скрепер (*ракьул хъал, гъат бахъулеб машина*)

СКРЕП//И́ ТЬ *сов.* 1) *что (соединить)* щула гьабизе; мухIкан гьабизе; **~и́ ть брёвна ско́бами** рахал (*чIалаби*) гъунцIбуз цоцадехун щула гьаризе 2) *что чем (подпись печатью*) тасдикъ гьабизе; **~ и́ть ко́пию печа́тью** копия, мугьру чIван, тасдикъ гьабизе ◊ **~я́ се́рдце** *разг.* цIакъ бокьуларого, гьира гьечIого

СКРЕ́ПКА *ж* скрепка

СКРЕПЛЯ́ ТЬ *несов. см.* **скрепи́ ть**

СКРЕ//СТИ́ *несов.* 1) (*царапать)* хачазе, хъвагIазе, **~сти́ скребко́м кorýто** хIерчч квархиялъ хачазе 2) *кого-что* хъвагIан бацIцIине, лъулъан бацIцIине; **~сти́ ло́шадь скребни́ цей** чу хачавалъ хъвагIан бацIцIине ◊ **на се́рдце ко́шки скребу́т** рахIат хвеялъ, ургъалица керен хачалеб буго

СКРЕСТИ́СЬ *несов. (производить шум*) хачалаго, хъвагIалаго гьаракь бахъинабизе; **мышь скребётся** гIонкIкIоца хвачи бахъинабулеб буго

СКРЕСТИ́ТЬ *сов.* 1) *что* хъанчил сураталда цояб цоялда тIад лъезе, тIатIала лъезе (*кверал, боздул, тIилал ва ц.*); **~ ру́ки на груди́** кверал каранда лъезе 2) *кого-что биол.* цоцалъ журазаризе (*цIияб сорт, тайпа лъугьинабизе*) ◊ **~ взгля́ды** берал цоцазда речIчIизаризе ◊ **~ шпа́ги** рагъуе, хвалчад вахъине; къецалде вахъине

СКРЕСТИ́ //ТЬСЯ *сов.* 1) (*соединиться*) хъанчил сураталда цолъизе, цоцаца къотIизе; **доро́ги ~лись** нухал цоцаца къотIана 2) (*оказаться в противоречии*) *перен.* **их интере́сы ~лись** гьезул мурадал данде ккечIо 3) *биол.* цоцалъ журазе *(цIияб тайпа лъугьине)*

СКРЕЩЕ́НИ//Е *с* **1. (***по гл.* **скрести́ ть, скрести́ ться**) хъанчил сураталда цоцада тIад лъей, гьедин ккей **2**. (*место*) цоцада данде чIвалеб бакI, цоялъ цояб къотIун унеб бакI; **на ~и доро́г** рахъ-рахъаздасан рачIунел нухал данделъулеб бакIалда; нух бикьулеб бакIалда

СКРЕ́ЩИВАНИЕ *с* **1.** (*по гл.* **скре́щивать**) цоцалъ журазари (*цIияб тайпа, сорт лъугьине*) **2**. (*по гл.* **скре́щиваться**): **~ языко́в** мацIал журай, мацIаз цоцазе асар гьаби

СКРЕ́ЩИВАТЬ *несов. см.* **скрести́ ть**

СКРЕ́ЩИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **скрести́ ть(ся)**

СКРИВИ́ ТЬ *сов. что* гьетIизабизе, кIичIизабизе, кьуризабизе

СКРИВИ́ТЬСЯ *сов. разг.* гьетIизе, кIичIизе, кьурун ине, гьетIун ине, кIичIун ине

СКРИП *м* 1) къири, къиркъиди, къиркъири; **~ две́ри** нуцIил къиркъири 2) къирщи; **сапоги́ со ~ом** къирщи бахъунел чакмаби

СКРИПА́Ч *м* чагъаначи

СКРИПА́ЧКА *ж* чагъаначIужу

СКРИП//Е́ТЬ *несов.* 1) къиркъидизе 2) къири бахъине, къирши бахъине; **снег ~и́т под нога́ми** хIатIакь гIазул къирщи бахъунеб буго 3) *перен.* хIалица бетIербахъи гьабизе 4) **~е́ть зуба́ми** цаби къерщезаризе (*цабзаца къирщи бахъинабизе*)

СКРИ́ПК//А *ж* чагъана; скрипка, **игра́ть на ~е** чагъана бачине ◊ **игра́ть пе́рвую ~у** кинаб бугониги ишалъулъ аслияв чилъун вукIине

СКРИ́ ПНУТЬ *однокр. к* **скрипе́ть**

СКРИПУ́ Ч//ИЙ, -ая, -ее *разг.* къиркъидулеб, къирщи бахъунеб; **~ие сапоги́** къирщи бахъунел чакмаби

СКРОИ́ ТЬ *сов. что* лъутIизе; **~ руба́шку** гурде лъутIизе

СКРО́МНИК *м разг.* сабурав, чIухIи гьечIев чи

СКРО́МНИЦА *ж разг.* сабурай, чIухIи гьечIей гIадан

СКРО́МНИЧАТЬ *несов. разг.* нечон жиндир бугеб гьунар бахчизе, тIепун чIезе; чIухIи гьечIого вукIине

СКРО́МНОСТЬ *ж* 1) дагьалда разилъи, хъантIунгутIи 2) чIухIи гьечIолъи; гIодове виччай 3) сабру буголъи; хIалимлъи

СКРО́МНЫЙ, -ая, -ое 1) дагьалда разияв, хъантIичIев 2) чIухIи гьечIев, гIодове виччарав 3) сабруяв; хIалимав; гIадатав

СКРУПУЛЁЗНОСТЬ *ж* ргIа-ракьанде щун дуруслъи цIуни, мухIканлъи

СКРУПУЛЁЗНЫЙ, -ая, -ое ргIа-ракьанде щун дуруслъи цIунараб, цIакъ дурусаб, цIакъго мухIканаб

СКРУТИ́ //ТЬ *сов.* 1) *что (сплести)* кьуризе; **~ть верёвку** кьурун квар гьабизе 2) *кого-что (связать)* щула гьабун бухьине, кьурун бухьине; **~ть ру́ки** кверал кьурун рухьине ◊ **боле́знь ~ла** унтуца хIал лъугIизабун буго; унтиялъ ккун вуго ◊ **~ть в бара́ний рог** къуркьизавизе, хIеккинавизе

СКРУТИ́ ТЬСЯ *сов.* кьуризе (*жибго*), кьурун ине; сверун ине

СКРУ́ ЧИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **скрути́ ть(ся)**

СКРЫВА́ТЬ *несов. см.* **скрыть**

СКРЫВА́ТЬСЯ *несов.* 1) *см.* **скры́ ться** 2) вахчун вукIине

СКРЫ́ ТНОСТЬ *ж* рекIел хиялал, пикраби къватIире загьир гьаричIого, рахчун тей; бахчараб гIамал букIин

СКРЫ́ ТНЫЙ, -ая, -ое чиядаса ракIалда бугеб жо балъго гьабулев, бахчараб гIамалалъул~ **челове́к** ракIалда бугеб жо бахчун толев чи, бахчараб гIамал бугев чи

СКРЫ́ ТЫЙ, -ая, -ое (*незаметный, тайный*) балъго гьабураб; бахчараб, бахчун тараб; **~ смысл слов** ргIабазул бахчараб магIна

СКРЫТЬ *сов.* 1) *кого-что (спрятать)* бахчизе, бахчун тезе 2) *что (утаить)* балъго гьабизе; **~ свои́ наме́рения** ракIалда ругел къасдал, нигатал, хиялал балъго гьаризе

СКРЫ́ //ТЬСЯ *сов.* 1) (*спрятаться*) вахчизе, вахчун чIезе 2) (*исчезнуть*) цевеса хьвазе, тIагIине, тIерхьине; **самолёт ~лся из ви́ ду** самолет бихьулелъуса тIерхьун ана ◊ **никуда́ не скро́ешься** кивениги ворчIиларо (*вахчизе бакI щвеларо*)

СКРЮ́ ЧИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **скрю́ чить(ся)**

СКРЮ́ЧИ//ТЬ *сов. кого-что безл. разг.* гьетIизабизе, букIкIинабизе, данде къазабизе, кIичIизабизе; **от моро́за у меня́ ~ло па́льцы** квачалъ дир килщал рукIкIинаруна

СКРЮ́ЧИТЬСЯ *сов. разг.* гьетIизе, букIкIине, данде къан ине, кIичIун ине

СКРЯ́ ГА *м, ж* къарум, барахщарав чи, бахилав чи

СКРЯ́ ЖНИЧАТЬ *несов.* къарумлъизе, барахщизе, бахиллъизе

СКРЯ́ ЖНИЧЕСТВО *с* къарумлъи, барахщи, бахиллъи

СКУДЕ́//ТЬ *несов.* загIиплъизе, мискинлъизе, дагьлъизе, мукъсанлъизе; **запа́сы не ~ют** нахърател дагьлъулеб гьечIо

СКУ́ДНО *нареч.* мукъсанго; мискинго, ресукъго; загIипго, дагьго

СКУ́ДН/ЫЙ, -ая, -ое мукъсанаб, загIипаб, дагьаб, мискинаб; **~ый свет** цIакъ загIипаб канлъи; **~ая расти́ тельность** мукъсанаб гъветI-хер

СКУ́ДОСТЬ *ж см.* **ску́дность; ~ ума́** гIакълуялъул мискинлъи, мукъсанлъи

СКУ́К//А *ж* чIалгIен, ракIгъунгутIи; ракIбакъвай; **нагоня́ть ~у** ракI бакъвазабизе

СКУ́ЛА *ж* гIанабазул ракьа

СКУЛА́СТ//ЫЙ, -ая, -ое гIанабазул ракьа чIахIияв, гIанабазул рукьби цIутIарав; **~ое лицо́** гIанабазул рукьби чIахIияб гьумер

СКУЛИ́ ТЬ *несов.* 1) (*о собаке*) гIавусдизе, гурхIулеб куцалда гъанцIезе (*гьой*) 2) *перен. разг. (ныть)* зигардизе, зурзудизе

СКУ́ ЛЬПТОР *м* скульптор (*скульптура гьабулев художник*)

СКУЛЬПТУ́ РА *ж* скульптура (1 *бикIун, биун тIун, буцараб жо рекIинабун, суратал гьариялъул гьунар;* 2 *гьеб искусствоялъул асарал*)

СКУЛЬПТУ́ РНЫЙ, -ая, -ое скульптураялъул, скульптурияб

СКУПА́ТЬ *несов. см.* **скупи́ ть**

СКУПЕ́Ц *м* барахщарав, бахилав, къарумав чи

СКУПИ́ ТЬ *сов. кого-что* тIолго ялъуни гIемераб бичун босизе

СКУПИ́ТЬСЯ *несов. на что и с неопр.* барахщизе, къарумлъизе, бахиллъизе; **не ~ на похвалы́** рецц-бакъалъе барах- щунгутIизе

СКУ́ ПКА *ж* (*по гл.* **скупи́ ть**) тIолго ялъуни гIемераб бичун боси

СКУПО́Й, -а́я, -о́е 1) къарумав, барахщарав, бахилав; **~ челове́к** къарумав чи 2) *перен. (скудный)* гьарзояб гуреб, загIипаб; **из окна́ ли́лся ~ свет** гордухъан загIипаб канлъи балеб бугоан

СКУ́ПОСТЬ *ж* бахиллъи, барахщи, къарумлъи; мукъсанлъи, дагьлъи

СКУ́ПОЧНЫЙ, -ая, -ое бичизелъун бичун босиялъул; бичизелъун бичун босулеб; **~ пункт** къайи-матахI бичизелъун бичун босулеб пункт

СКУ́ПЩИК *м* дармие къайи бичун босулев чи, даранчи

СКУ́ПЩИЦА *ж* дармие къайи бичун босулей гIадан, даранчIужу

СКУЧА́ТЬ *несов.* 1) чIалгIине, бизарлъизе 2) *по кому-чему, по ком-чём* урхъизе, ракI щвезе

СКУЧА́ЮЩИЙ, -ая, -ее 1) чIалгIараб, бизарлъараб 2) урхъараб

СКУ́ЧЕННОСТЬ *ж* гьитIинаб бакIалде гIемераб жо, халкъ бакIари; цоцалъ къан рукIин, тIатIала къай

СКУ́ЧЕНН//ЫЙ, -ая, -ое тIатIала къараб, цоцалъ гъункун къазабураб

СКУ́ ЧИВАТЬСЯ *несов. см.* **ску́читься**

СКУ́ЧИТЬ *сов.* 1) гохI гьабизе, тIатIала къазабизе 2) цо бакIалда данде гьабизе

СКУ́ ЧИТЬСЯ *сов. (собраться в кучу)* 1) гохI гьабун, бан цо бакIалде данделъизе, бакIаризе 2) гохI лъугьине

СКУ́ЧНО 1. *нареч.*: **~ расска́зывать** чIамучIго бицине **2.** *в знач. сказ. безл.*: **мне ~** дир ракI гъолеб гьечIо

СКУ́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое чIалгIараб, бизараб; ракI гъолареб; гъарзикъаб; **~ая кни́ га** чIамучIаб тIехь

СКУ́ ШАТЬ *сов. что, чего разг.* квине

СЛАБЕ́//ТЬ *несов.* чучизе, загIиплъизе, хIалакълъизе; тамахлъизе; **больно́й ~ет** унтарасул хIал дагьлъулеб буго; **ве́тер ~ет** гьорол кутак дагьлъулеб буго, гьури хьадарлъулеб буго; **зрение ~ет** канлъи дагьлъулеб буго

СЛАБИ́ ТЕЛЬНОЕ *с* чехь лъама гьабулеб дару

СЛА́БИ//ТЬ *несов.* 1) *кого безл. в*иххизе (*ургьимес бацIцIалъизе*) 2) виххизавизе (*даруялъ*)

СЛА́БО *нареч.* 1) (*не туго*) чучго, загIипго; **у́зел завя́зан ~** гарацI чучго бухьун буго 2) (*плохо*) хашго, квешго, загIипго; **~ знать язык** мацI загIипго лъазе

СЛАБОВО́ЛИЕ *с* жиндаго кверщел гьечIолъи, хасият загIиплъи

СЛАБОВО́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое хасият загIипав

СЛАБОНЕ́РВНЫЙ, -ая, -ое нерваби загIипав, нерваби унтарав; щцин хехав, хехго щцин бахъунев

СЛАБОСИ́ ЛЬНЫЙ, -ая, -ое 1) хIал дагьав, хIал-гуч загIипав 2) *тех.* дагьаб гучалъ хIалтIулеб (*машина*)

СЛА́БОСТЬ ж 1) (*недомогание*) загIиплъи, кутак гьечIолъи, хIал гьечIолъи; **почу́вствовать ~** хIалдагьлъи бичIчIизе (лъугьине) 2) (*отсутствие воли*) таваккал гьечIолъи; **прояви́ть ~** таваккал гьечIолъи бихьизабизе 3) *(недоста́ток)* живго жиндаго цIунизе кIунгутIи, загIиплъи; гIунгутIи

СЛАБОУ́МИЕ *с* гIакълу мукъсанлъи, гIакълуялъулъ загIиплъи

СЛАБОУ́ МНЫЙ, -ая, -ое гIакълуялъул рахъалъ мукъсанав, гIакълу загIипав; цодагьав камурав

СЛАБОХАРА́КТЕРНОСТЬ *ж* тамахаб, загIипаб гIамал-хасият букIин

СЛАБОХАРА́КТЕРНЫЙ, -ая, -ое хасият тамахав, хасият загIипав,

СЛА́Б//ЫЙ, -ая, -ое загIипав, тамахав, чучав; чIемегIав; хIал гьечIев; **~ый го́лос** загIипаб гьаракь; **~ый ве́тер** загIипаб гьури; **~ый ребёнок** загIипаб лъимер; **~ая наде́жда** цIакъ дагьаб хьул, загIипабго хьул лъезе бакI; **~ый таба́к** хашаб, кутак гьечIеб, тамахаб тамахьо; **~ая рабо́та** загIипаб хIалтIи; **~ый желу́док** унтараб кванирукъ ◊ **~ая стру́нка** гIамал-хасияталъул загIипаб (*чIемегIаб*) бакI; чиясул загIипаб рахъ; лъукъизе бигьаяб бакI

СЛА́В//А *ж* 1) цIар (*бахъараб, тIибитIараб*); **до́брая ~а** лъикIаб цIар 2) машгьурлъи; **~а писа́теля** хвадарухъанасул машгьурлъи 3) (*при восклицании*): **~а геро́ю!** бахIарчиясе рецц! 4) хабар (*тIибитIараб) разг. (слухи, толки)*; **дурна́я ~а** лъикIаб гьечIеб цIарбахъи, цIар ин ◊ **на ~у** цIакъ лъикI, цIакъ гьайбатго, цIаруего; **~а бо́гу!** Аллагьасе рецц буго!

СЛАВИ́ СТ *м* славист (*славяноведениялъул специалист*)

СЛА́ВИТЬ *несов. кого-что* 1) (*воздавать хвалу*) цIар гьабизе, цIар рагIизабизе, рецц гьабизе; **~ геро́йские по́двиги** бахIарчиял гьунаразе рецц-бакъ гьабизе 2) *разг.* квешаб хабар тIибитIизабизе, квешаб цIар рагIизабизе; **осла́вил на весь го́род** квешаб хабаралъ тIолабго шагьар цIезабуна

СЛА́ВИ//ТЬСЯ *несов. чем* цIар бахъизе, тIибитIизе, цIар ине, машгьурлъизе; **го́род ~тся свои́ми музе́ями** шагьар жиндирго музеяздалъун машгьурлъун буго (*машгьураб буго*)

СЛА́ВН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*пользующийся славой*) цIар арав, цIар тIибитIарав, цIар бахъарав; **~ые геро́и** цIар арал бахIарзал 2) (*милый, приятный*) цIакъаб, цIакъ лъикIаб, гьайбатаб; **~ая де́вушка** гьайбатай яс; **~ый ма́льчик** цIакъ лъикIав вас

СЛАВОСЛО́ВИЕ *с* гIорхъолъа борчIун бецци, тIасан ккараб куцалда рецц-бакъ гьаби

СЛАВОСЛО́ВИТЬ *несов.* гIорхъолъа ун рецц гьабизе, тIасан ккун беццизе

СЛАВЯ́ НЕ *мн.* славянал (*славян халкъал: гIурусал, украинал, белоруссал, болгарал, сербал, словакал, полякал ва ц.*)

СЛАВЯНИ́ Н *м* славянав

СЛАВЯ́ НКА *ж* славянай

СЛАВЯ́НСК//ИЙ, -ая, -ое славяназул; **~ие языки́** славян мацIал; **~ие наро́ды** славян халкъал

СЛАГА́ЕМОЕ *с мат.* жиб жубалеб (*рикIкIен*)

СЛАГА́ТЬ *несов. что* 1) (*сочинять*) гIуцIцIизе, гьабизе; **~ стихи́** кIучIдул гьаризе 2) (*освобождаться от чего-л.*) гIодоб лъезе; бахъизе; хисизе (*тамихI*) 3) (*с себя обязанности*) инкар гьабизе (*тIадал ишаздаса*)

СЛАД *м:* **с ним ~у нет** гьесулгун данде кколеб гьечIо

СЛА́ДИ//ТЬ *сов. с кем-чем разг. (упорядочить)* гьабизе, рекъа-решезабизе, битIа-бишизабизе; **~ть де́ло** иш рекъезабизе 2) *что* (*справиться*) мутIигI гьавизе, вусинавизе, гIурхъи-рахъалде вачIинавизе; рагIи данде ккезабизе; **с ним не ~ишь** гьесулгун рагIи данде ккезабун бажаруларо (данде кколаро)

СЛА́ДК//ИЙ, -ая, -ое **1.** *прям., перен.* гьуинаб; **~ий виногра́д** гьуинаб цIибил; **~ий сон** гьуинаб макьу; **~ий за́пах** гьуинаб махI **2**. *в знач. сущ.с* **~ое** гьуинаб жо, гьуинаб квен (*къадекванда цадахъ кьолеб квен: компот, кисель ва ц.*)

СЛА́ДКО *нареч.* гьуин(го)

СЛАДКОЕ́ЖКА *м, ж разг.* гьуинаб жо бокьулев чи, гьуинаб жо (*гьуинлъи*) хирияв чи

СЛА́ДОСТН//ЫЙ, -ая, -ое гьуинаб; бокьулеб, лазатаб; рохалилаб; къиматаб, хирияб, рекIее бокьулеб; кеп, лазат кьолеб; **~ые мечты́** лазатал, гьуинал анищал

СЛАДОСТРА́СТИЕ *с* гьира багъари (*чиясдаги чIужуялдаги гьоркьоб*)

СЛАДОСТРА́СТНЫЙ, -ая, -ое гьира багъарарав, рекIел цIа багъарарав, гьава багъарарав

СЛА́ДОСТ//Ь *ж* 1) (*сладкий вкус*) гьуинаб тIагIам 2) гьуинлъи, тату буголъи 3) *мн.* гьуинал жал; **~и** гьуинал кваналел жал *(конфетал, мурапа...)*

СЛА́ЖЕНН//ЫЙ, -ая, -ое рекъезабураб, битIа-бишизабураб; **~ый коллекти́ в** хIал рекъараб коллектив; **~ая рабо́та** данде ккараб хIалтIи, низамалда билъулъунеб хIалтIи

СЛА́ЖИВАТЬ *несов. см.* **сла́дить**

СЛА́ЗИТЬ *сов. разг.* 1) гIодове рещтIине, гъоркье рещтIине; гъоркье лъугьине; **~ в по́греб** гвандиниве лъугьине 2) вахине, харизе; **~ на кры́шу** тIохде вахине; **~ на де́рево** гъотIоде харизе

СЛА́ЛОМ *м спорт.* слалом (*магIардасан лыжаби риччай*)

СЛА́НЕЦ *м геол.* сланец (*тIеренал къанал гIадал гъатазул мугIрулаб порода)*

СЛА́НЦЕВ//ЫЙ, -ая. -ое сланецалъул; **~ые поро́ды** сланецалъул породаби (*тайпаби*)

СЛАСТЁНА *м, ж разг.* гьуинаб жо цIакъ хирияв чи

СЛА́СТИ *мн.* (*ед.* **сласть** *ж*) гьуинал жал (*конфетал, бахъухъ, натIухI ва ц.*)

СЛАТЬ *несов. кого-что* битIизе (*кибехунниги*); **~ пи́сьма** кагътал ритIизе; **шлю приве́т** салам битIулеб буго

СЛАЩА́В//ЫЙ, -ая, -ое 1) ракI чIвазабулеб куцалда гьуинаб 2) *перен.* тIасан ккун хIеренаб, гIорхъолъа борчIун назикаб; **~ая улы́бка** лъамияб гьими

СЛЕ́ВА *нареч.* квегIаб рахъалдасан, квегIисан; **ве́тер ду́ет ~** гьури квегIаб рахъалдасан пулеб буго; **~ напра́во** квегIиса кваранидехун; **~ от доро́ги** нухлул квегIаб рахъалда(са)

СЛЕГКА́ *нареч.* бигьа гьабун, дагьабго, тIадагьго; **~ уда́рить** бигьа гьабун кьабизе

СЛЕД *м* 1) лъакI (лъалк1); **~ы за́йца** гIанкIил лъакIал; **напа́сть на ~** *прям., перен.* лъакIалде тIаде ккезе; **потеря́ ть ~** лъакI билизе 2) *перен.* нахъе хутIараб (*бутIа*) гIуж, асар; **~ы́ пожа́ра** цIаккеялъул хутIа-кIучи ◊ **его́ и ~ просты́ л** тIурун ана, цевеса тIагIана; тIубанго тIагIана; **исче́знуть без ~а́** араб бакI лъачIого тIагIине

СЛЕДИ́ ТЬ[1] *несов. за кем-чем* 1) (*взглядом*) (*хадуб*) хал кквезе 2) хадув чIезе (*хал гьабун, гIенеккун*) 3) лъакIда хадув вилълъине; **~ за его́ успе́хами** гьесул бергьенлъиялда хадуб хал кквезе

СЛЕДИ́ТЬ[2] *несов. чем и без доп. (оставлять следы, пачкать)* лъакIал тезе, лъакIал лъезе

СЛЕ́ДОВАНИ//Е *с* 1) *кому-чему* хадув лъугьин, хадуса-хадув ин; **~е во всём отцу́** инсул нухдасан ин, кинабго инсуца гIадин гьаби; сундулъго инсудасан мисал боси; **~е мо́де** модаялда хадур лъугьин, ин 2) **по́езд да́льнего ~я** рикIкIаде унеб поезд; **во вре́мя ~я по́езда** поезд унеб мехалъ

СЛЕ́ДОВАТЕЛЬ *м юр.* следователь

СЛЕ́ДОВАТЕЛЬНО *союз (значит, поэтому*) гьедин бугелъул, гьединлъидал

СЛЕ́Д//ОВАТЬ *несов.* 1) *за кем-чем (идти следом)* хадув ине; **~уйте за мной** дида хадув вилълъа 2) *за чем (быть следующим)* хаду-цебе лъугьине; **одно́ собы́ тие ~ует за други́ м** цо иш цогиялда хадуб лъугьуна, бачIуна 3) (*идти, ехать куда-л.*) ине; **по́езд ~ует до Махачкалы́** поезд МахIачхъалаялде щвезегIан уна 4) *кому-чему* нахъвилълъине; **~ учёнию Ма́ркса** Марксил гIелмуялда нахъвилълъине; **~овать** *чьему́-л.* **сове́ту** *лъилниги* гIакълуялда нахъвилълъине 5) *безл. кому-чему с неопр.* ккезе; **вам сле́дует обрати́ ться в ка́ссу** нужеца гьеб кассаялда цIехезе ккола; **не ~ует э́ того де́лать** гьеб гьабизе кколаро 6) (*быть следствием*) хIасил ккезе, хIасиллъизе; **отсю́да ~ует** гьелдасан хIасил-лъула 7) *безл. кому с кого-чего (причитаться)* ккезе; **ско́лько с него́ ~ует?** досдаса кигIан (*босизе*) кколеб? (*дос кигIан кьезе кколеб*) ◊ **как ~ует** букIине кколедухъ; **он отдохну́л как ~ует** дос букIине кколеб куцалъ (*цIакъ лъикI)* хIухьбахъи гьабуна

СЛЕ́ДОМ *нареч.* хадувго, лъакI ккун, хаду-хадув; **идти́** *~ за кем-л. (лъиданиги*) хадув ине

СЛЕДОПЫ́Т *м* лъакIда хадув ун чан гьабулев чанахъан; *щибниги* балагьулев чи, араб-тараллъул лъакIал ралагьулев чи

СЛЕ́ДСТВЕНН//ЫЙ, -ая, -ое *юр.* цIех-рехалъул; **~ый матери́ал** цIех-рехалъул материал

СЛЕ́ДСТВИ//Е[1] *с (результат)* хIасил; **нет ~я без причи́ ны** гIилла гьечIеб хIасил букIунаро (*цо гIилла гьечIого, хIасил гьабуларо*)

СЛЕ́ДСТВИ//Е[2] *с юр. (расследование)* следствие (*такъсирияб ишалъул цIех-рех гьаби*), цIех-рех; **суде́бное ~е** судалъул цIех-

рех; **вести́ ~е** цIех-рех гьабизе; **находи́ ться под ~ем** цIех-рехалда гъоркь вукIине

СЛЕ́ДУЮЩ//ИЙ, -ая, -ее **1.** (*наступающий вслед за чем-л.*) (*хадуб*) бачIунеб; нахъисеб; **на ~ий год** бачIунеб соналде; **в ~ем но́мере** хадусеб номералда; **~ий день** нахъисеб къо **2.** *в знач. определит. мест.* хадуб рехсараб; **вызыва́ются ~ие ли́цa** (гьал) хадур рехсарал чагIи ахIулел руго **3**. *в знач. сущ.* **~ее** *с* гьаб хадуб бихьизабураб, рикIкIараб, хадуб рехсараб; **я сообща́ю тебе́ ~ее** гьаб хадуб рехсараб жо дуда лъазабулеб буго дица ◊ **~им о́бразом** бихьизабураб куцалъ

СЛЕЖА́//ТЬСЯ *сов.* гIемераб мехалъ бегун хутIиялъ къвакIи-зе, къазе, данде ине, гъункизе, тIупун ине, букIкIине; **се́но ~лось** гIемер мехалъ бегун хутIиялъ хер тIупун ун буго

СЛЁЖИВАТЬСЯ *несов. см.* **слежа́ться**

СЛЕ́ЖКА *ж* (*по гл.* **следи́ ть**) хадувчIей, халкквей

СЛЕЗА́ *ж* магIу, берзул магIу; **проли́ва́ть слёзы** магIу тIезе; **смея́ться до слёз** магIу чвахизегIан релъизе; **говори́ ть сквозь слёзы** магIу чвахулаго кIалъазе ◊ **крокоди́ ловы слёзы** ххвалилаб магIу; **довести́** *кого-л.* **до слёз** гIодизе гьавизе; **смея́ться сквозь слёзы** гIодулаго велъизе; **~ми го́рю не помо́жешь** ма-гIица къварилъи тIаса босиларо

СЛЕЗА́ТЬ *несов. см.* **слезть**

СЛЕЗ//И́ТЬСЯ *несов.* магIил цIезе, бадиб магIу хулизе; **у меня́ глаза́ ~я́ тся от ды́ ма** кIкIуялъ дир берал магIил цIезарула; къатIрабиккун чвахизе, къватIибе бачIине; къатIрабаз бацизе

СЛЕЗЛИ́ ВЫЙ, -ая, -ое берда магIу бухьарав; гIодизе бокьулев, гIодизе хIадурав; гIодулеб гIадинаб (*гьаракь*)

СЛЁЗН//ЫЙ, -ая, -ое 1) магIил, магIуялъул; **~ые же́лезы** магIил къучIби 2) *перен.* (*жалобный*) кутакаб гьариялъул, ракI гурхIулеб, ракI гурхIуледухъ бугеб; **~ая про́сьба** ракI гурхIулеб гьари; **~ая жа́лоба** ракI гурхIуледухъ хъвараб гIарза 3) магIил цIураб (*берал*)

СЛЕЗОТОЧИ́В//ЫЙ, -ая,-ое 1) магIу чвахулеб; **~ые глаза́** (кидаго) магIу чвахулел берал 2) магIу чвахизабулеб; **~ые га́зы** магIу чвахизабулел газал

СЛЕЗ//ТЬ *сов.* 1) рещтIине; **~ть с ло́шади** чодаса рештIине 2) *разг. (о пассажире*) гъоркье лъугьине, рещтIине; **~ть на своей ста́нции** жиндирго станциялда гъоркье лъугьине 3) (*отпасть, сойти*) тIаса ине; **кра́ска ~ла** релъен (*лажбар*) тIаса ун буго 4) хIулизе, гьине, хъал рехизе; **ко́жа ~ла** хъал тIаса ун буго, тIаса хъал ччукIун буго

СЛЕПЕ́НЬ *м зоол.* никIкI

СЛЕПЕ́Ц *м прям., перен.* бецав, бецав чи, бецук

СЛЕПИ́ //ТЬ[1] *несов. что* бецлъизавизе; канлъуца рухIизаризе; **со́лнце ~т глаза́** бакъуца берал рухIизарула

СЛЕПИ́ТЬ[2] *сов. что* гьабизе, базе (*буцараб жоялъул сундулниги сурат*); **~ пти́ чку из те́ста** буцараб ханждал хIинчI гьабизе; **~ ку́клу из гли́ны** хIатIул ясикIо гьайизе; **~ пе́чку из гли́ны** хIатIул кор базе (гьабизе)

СЛЕПИ́ТЬ[3] *сов. что* 1) рекIинабизе, седезе; **~ листы́ кле́ем** тIанчал синуялъ седезе 2) синуялъ седон *щибниги* гьабизе; **~ конве́рт** седон конверт гьабизе

СЛЕ́ПНУТЬ *несов.* бецлъизе, канлъи босизе

СЛЕП//О́Й, -а́я, -о́е 1) бецав, канлъи бихьуларев; **он слеп на оди́н глаз** досул цо бер бецаб буго (бецлъун буго) 2) *перен. (безрассудный*) пикру гьечIого гьабулеб, бецаб; **~а́я любо́вь** бецаб, гIадалаб рокьи 3) *перен.* рекIехъе гьабулеб, тIаде ралагьичIого гьабулеб; **~о́й полёт** рекIехъе гьабулеб роржин (*самолёталъул*) ◊ **~о́й дождь** бакъги щун балеб цIад; накIкI гьечIеб цIад; **~а́я кишка́** *анат.* бе́цабакь

СЛЕ́ПОК *м* копия (*оригиналалдаса бахъараб формаялда рекъон гипсалъул гьабураб скульптурияб асаралъул (произведенияльул) дурусаб, щибниги батIалъи гьечIеб копия);* **~ со ста́туи** статуялъул копия (статуялдасан бахъараб куц)

СЛЕПОТА́ *ж прям., перен.* бецлъи; **полити́ческая ~** политикияб бецлъи; **кури́ная ~** *мед. загIипаб канлъуда, бецIлъуда чиясда канлъи бихьулареб* беразул унти

СЛЕСА́РН//ЫЙ, -ая, -ое слесарасул, слесарлъиялъул; слесарасе къваригIунеб; **~ые инструме́нты** слесарлъиялъул тIагIелал (тIагIалаби)

СЛЕ́САРЬ *м* слесарь (*квераз маххул хIалтIи гьабулев хIалтIухъан*)

СЛЁТ *м* 1) роржун рачIун данделъарал хIанчIазул тIел 2) слёт (*цо пишаялъул гIадамазул данделъи*); **~ пионе́ров** пионеразул слёт

СЛЕТА́//ТЬ[1] *сов.* 1) (*на самолете)* боржун кибениги щун тIад буссун бачIине; **~л на самолёте в Москву́** самолёталда воржун Москваялдеги щун, нахъе вачIине 2) *перен. разг. (сбегать куда-л.*) векерун ун вачIине (*боржараб жо гIадин ун, вачIине*), вортун ун вачIине, дурун ун вачIине

СЛЕТА́ТЬ[2] *несов. см.* **слете́ть**

СЛЕТА́ТЬСЯ *несов. см.* **слете́ться**

СЛЕТЕ́//ТЬ *сов. с кого-чего* 1) (*сесть вниз*) боржине, боржун бачIун рещтIине; 2) *перен.* борчIизе (*кIалдиса калам*); **сло́во ~ло с языка́** кIалдиса рагIи борчIун ана 3) *перен.* рещтIине 4) хъулу-хъалдаса махIрумлъизе 5) бортун ине; **~ть с ло́шади** чодаса гъоркье вортизе

СЛЕТЕ́//ТЬСЯ *сов.* 1) (*собраться*) рахъ-рахъалдасан роржун рачIун, данделъизе; **воробьи́ ~лись на кры́шу** къудкул, рахъ-рахъалдасан роржун рачIун, тIохда данделъана 2) *перен. (сбежаться)* рахъ-рахъалдасан рекерун рачIун, данделъизе

СЛЕЧЬ *сов. разг. (заболеть)* унтун бусаде ккезе, цIакъ унтизе

СЛИВ *м* 1) къватIибе тIей; тIаса тIей 2) лъим, лъамалъи тIолеб бакI

СЛИ́ ВА *ж (дерево, плод)* 1) кокон 2) кокомил гъветI

СЛИВА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **сли́ ть(ся)**

СЛИ́ ВКИ *мн.* 1) тIорахъ 2) *перен. сундулниги* тIаса бищараб бутIа; **~ о́бщества** жамагIаталъул тIаса рищарал гIадамал ◊ **снима́ть ~** жиндиего бищун лъикIаб тIаса бищизе, босизе

СЛИ́ ВОВ//ЫЙ, -ая, -ое кокомил; **~ ая ко́сточка** кокомил гага (пурчIун)

СЛИ́ВОЧН//ЫЙ, -ая, -ое тIорахьдал; **~ое ма́сло** кIама, кIаманах, щарил нах

СЛИЗА́ТЬ *сов. что* 1) чIикIизе, чIикIун квине, мацI бахъун квине 2) чIикIун, мацI бахъун бацIцIад гьабизе

СЛИ́ ЗИСТ//ЫЙ, -ая, -ое 1) хIацIу гIадаб 2) : **~ая оболо́чка** *анат.* хIацIу гIадаб жоялъул пардав, хъал

СЛИЗНУ́ ТЬ *однокр. к* **слиза́ть**

СЛИ́ ЗЫВАТЬ *несов. см.* **слиза́ть**

СЛИЗЬ *ж* хIацIу гIадаб лъамалъи, ченч

СЛИПА́//ТЬСЯ *несов.* 1) *см.* **сли́пнуться** 2) *перен.* макьихиналъ дандрекIине (*берал*); **глаза́ ~ются** берал дандрекIунел руго

СЛИ́П//НУТЬСЯ *сов. (прилипнуть)* дандрекIине; цоцада рекIун хутIизе (*кагътил тIанчал*)

СЛИ́ ТН//ЫЙ, -ая, -ое жубараб, рекIараб; **~ое написа́ние** рекIун хъвай

СЛИ́ТОК *м* металлалъул биун тIураб кесек; **~ зо́лота** меседил биун тIураб кесек

СЛИТЬ *сов. что* 1) (*вылить)* тIезе, тIаса тIезе, нахъе тIезе; **~ во́ду в ведро́** ведрояльубе лъим тIезе; **~ во́ду из стака́на** стаканалъуса лъим тIаса тIезе 2) цойиде тIезе, цойиде данде гьабизе; **~ молоко́ от ра́зных коро́в** батIи-батIиял гIачиязул рахь цойиде тIезе 3) *перен. (объединить)* цолъизабизе, цойиде, цоцаде жубазе; **~ два учрежде́ния** кIиго идара (*учреждение*) цоцаде кIутIизе, жубазабизе

СЛИ́ТЬСЯ *сов.* 1) (*в один поток*) цоцалъ журазе (*лъарал, гIорал*) 2) риун тIун, журазе 3) *перен. (соединиться)* журазе, дандразе (*батIи-батIиял гIуцIаби*); **~ воеди́ но** журан цолъизе (*цого жо лъугьине)*

СЛИЧА́ТЬ *несов. см.* **сличи́ ть**

СЛИЧЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **сличи́ ть**) цоцада данде ккун балагьи, данде кквей

СЛИЧИ́ТЬ *сов. что* данде ккун балагьизе, хал гьабизе, цоцада данде кквезе; **~ ко́пию с по́длинником** копия оригиналалда данде кквезе

СЛИ́ШКОМ *нареч.* цIакъго, тIасан ккун, тIокIго, цIакъго цIикIкIун; гьедигIан цIакъ; **~ большо́й** цIакъго кIудияб; **он не ~ забо́тлив** дов гьедигIан цIакъ агъаз бугев чи гуро; **э́ то уж ~** гьеб цIакъго гIорхъолъа унеб буго

СЛИЯ́НИ//Е *с* **1.** (*по гл.* **слить**) цоцалъ жубазаби, цойиде кIутIи **2**. (*по гл.* **сли́ться**) цоцалъ жубай, цойиде руссин, цойиде данделъи; **~е двух колхо́зов** кIиго колхоз цоцалъ жубай **3**. (*место*) цоцалъ жубалеб бакI; **у ~я двух рек** кIиго гIор (кIигIор) жубавуда (жубалеб бакIалда)

СЛОБОДА́ *ж уст.* слобода (1 *кIудияб росу;* 2 *шагьаралда аскIоб бугеб росу*)

СЛОВА́К *м* словакав (*Словакиялдаса чи*)

СЛОВА́КИ *мн.* словакал

СЛОВА́РН//ЫЙ, -ая, -ое 1) словаралъул(аб) 2) рагIабазул, словарияб; **~ое бога́тство ава́рского языка́** авар мацIалъул словарияб бечелъи; **~ый запа́с ученика́** цIалдохъанасул рагIабазул запас (*мацIалъул бечелъи*)

СЛОВА́РЬ *м* словарь (1 *алфавиталда рекъон лъурал рагIабазул гьебго мацIалда магIна кьураб яги цоги мацIалде гьел руссинабураб тIехь;* 2 *лъицаниги кирниги хIалтIизарулел рагIабазул гIаммаб къадар)*

СЛОВА́ЧКА *ж* словакай (*Словакиялдаса гIадан*)

СЛОВЕ́СНИК *м* 1) филолог, мацIалъул ва литератураялъул специалист 2) мацIалъул ва литератураялъул учитель

СЛОВЕ́СНОСТЬ *ж* литературияб творчество; филология

СЛОВЕ́СН//ЫЙ, -ая, -ое кIалзулаб; **~ый прика́з** кIалзулаб буюрухъ; **~ое заявле́ние** кIалзулаб гIарза (*хъван кьураб гуреб*)

СЛОВЕ́ЧКО *с уменьш. от* **сло́во**; **замо́лвить** *за кого-л.* ~ *лъилниги* рахъ ккун, кIалъазе, рагIи абизе

СЛО́ВНИК *м* словник (*словаралъе алфавиталъул къагIидаялъ гьабураб список*)

СЛО́ВНО I. *союз (как, подобно)* киниги, битIухъе, гIадин; **плывёт,** ~ **у́тка** ордек гIадин лъедола; **всё вре́мя молчи́т,** ~ **у него нет языка́** мацI гьечIев чи гIадин, кидаго вуцIцIухIун чIун вуго **2**. *частица (как будто*) гIадин; ~ **он не по́нял** гьесда бичIчIичIеб гIадин

СЛО́В//О *с* 1) рагIи, жогьа, калима; **~а́ де́лятся на сло́ги** рагIаби слогазде рикьула; **одно́ ~о пропусти́л** цо рагIи гьоркьоб биччан тана 2) (*речь*) рагIаби, калам, рагIи кьей; **предоста́вить ~о** (кIалъазе) рагIи кьезе; **проси́ ть ~а** (кIалъазе вахъине) рагIи кьеян гьаризе; **сдержа́ть ~о** кьураб рагIи кквезе, тIубазабизе 3) (сказание) адабияталъул цо форма; **«Сло́во о полку́ ´Игореве»** «Игорил полкалъул хIакъалъулъ рагIи» (*хабар, къиса*) ◊ **дар ~а** пасихIлъи, рагIуе пагьму; **не находи́ ть** ~ бицун хIал кIунгутIизе; **одни́ м ~ом** палхIасил; **~о за́ ~о** бицунаго-толаго; **на ~а́х** кIалзул жогьабазда(лъун); **други́ми ~а́ми** батIайиса абуни; **нет** ~ абизе рагIи гьечIо; **ме́ткое ~о** гIужилго абураб рагIи; **крыла́тые ~а́** магIна гъваридал калимаби; **свобо́да ~а** бокьараб пикру загьир гьабизе бугеб (*эркенлъи*) ихтияр; **взять свои́ ~а́ обра́тно** абуралдаса инкар гьабизе, ракI бухIизе; **без ли́шних** ~ цониги тIокIаб рагIиги абичIого, къокъго, заман бахъичIого; **свои́ми ~а́ми** жиндирго рагIабаздалъун (*бицине*); **быть хозя́ином своего́ ~а** жиндирго рагIул бетIергьанлъун вукIине; **не доби́ ться** *от кого-л.* **ни ~а** *лъидасаниги* рагIи бахъун бажарунгутIизе; **~о в ~о** бицараб кучалъ, хIарп хисичIого

СЛОВОИЗМЕНЕ́НИЕ *с лингв.* маʹцIалда раʹгIаби хиси, рагIаби хисулеб къагIида

СЛО́ВОМ *вводн. сл.* хIасил, къокъаб рагIи; **~, вы должны́ за́втра вы́ ехать** хIасил, нуж метер ине ккола

СЛОВООБРАЗОВА́НИЕ *с* рагIаби лъугьунел къагIидаби лъазарулеб грамматикаялъул бутIа

СЛОВООБРАЗОВА́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое рагIаби лъугьинарулеб; **~ые су́ффиксы** рагIаби лъугьинарулел суффиксал

СЛОВОПРОИЗВО́ДСТВО *с* аслиял (кьолболал) рагIабаздасан цогидал рагIаби лъугьин

СЛОВОСОЧЕТА́НИ//Е *с* рагIабазул дандрай (*грамматикияб бухьен бугеб кIиго я чанго рагIи*); **глаго́льные ~я** глаголиял дандраял

СЛОВОТВО́РЧЕСТВО *с* цIиял рагIаби рахъи, рагIаби лъугьинари, цIиял рагIаби ургъи

СЛОВОУПОТРЕБЛЕ́НИЕ *с* рагIаби хIалтIизари

СЛОВЦ//О́ *с* битIун ккараб рагIи; ◊ **для кра́сного ~а́** цIодораб, гIужилаб рагIиялъе (гIоло), пасихIлъиялдалъун тIокIлъи бихьизабиялъе (гIоло)

СЛОГ[1] *м* слог (*рагIул къотIел)*

СЛОГ[2] *м (стиль):* **статья́ напи́сана прекра́сным ~ом** статья цIакъ лъикIаб стилалда хъван буго; **у него́ хоро́ший** ~ досул лъикIаб стиль буго (*берцинаб, битIараб мацI буго*)

СЛОЁНЫЙ, -ая, -ое гъата-гъатал гьарун бугеб, гъатал ругеб, гъат-гъат ккараб

СЛОЖА́: ~ ру́ки тIатIала лъун квералгун (*щибго хIалтIиги гьабичIого*)

СЛОЖЕ́НИ//Е *с* **1.** (*по гл.* **сложи́ ть**) 1) сокIкIин, тIад-гъоркь лъей, херхин, гьаби (*кечI*) 2) *мат.* жубай **2**. (*телосложение)* чорхол гIуцIи, форма; **кре́пкого ~я** щулияб черхалъул

СЛОЖ//И́ТЬ *сов., перех.***: ~ ве́щи в чемода́н** къайи чемоданалъуб сокIкIине; **~и́ть кирпичи́** кирпич сокIкIине 2) (*согнуть*) сукIизе; **~ и́ть лист пополам́** тIамач кIихIи сукIизе 3) *разг. (снять)* чIехьезе; **~и́ть груз с теле́ги на зе́млю** гьакидаса къайи гIодобе чIехьезе, гIодобе босизе 4) (*построить)* базе, гьабизе; **~и́ ть сте́ну** къед базе 5) *мат.* жубазе 6) (*сочинить*) гьабизе; **~и́ть пе́сню** кечI гьабизе 7) *перен.* тIаса рехизе, тIаса бихьизабизе; **~и́ть с себя́ отве́тственность** жиндасаго жавабчилъи тIаса рехизе ◊ **~и́ть го́лову** рухI кьезе, хвезе; **~и́ ть ору́жие** ярагъ гIодоб лъезе, кверде ине

СЛОЖИ́//ТЬСЯ *сов.* 1) (*образоваться, создаться)* бутIабаздасан гIуцIун букIине, лъугьине, бижун бачIине 2) (*устроить складчину)* гIарац данде рехизе (*пайдаяб гIахьалаб иша-лъе*)

СЛО́ЖНО *нареч. и в знач. сказ.* 1) захIматго; гIадатияб гуреб куцалъ 2) захIматго буго

СЛОЖНОПОДЧИНЁННЫЙ, -ая, -ое *грам.* жубараб нахъбилъалъараб (*предложение*)

СЛОЖНОСОКРАЩЁННЫЙ, -ая, -ое *грам.* жубараб къокъ гьабураб *(рагIи)*

СЛОЖНОСОЧИНЁННЫЙ, -ая, -ое *грам.* жубараб сокIкIараб (*предложение*)

СЛО́ЖНОСТ//Ь *ж* 1) жубараб букIин 2) захIмалъи, жубагъубай ◊ **в о́бщей ~и** кинабго данде босун абураб мехалда, гIаммаб куцалда

СЛО́ЖН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*трудный*) захIматаб, гIадатаб гуреб; **~ый вопро́с** захIматаб суал 2) (*составной*) жубараб (*предложение, рагIи*); **~ое сло́во** жубараб рагIи 3) бухьенал, батIи-батIиял элементал гIемераб; **~ая маши́ на** жуба-гъубараб машина, гIемер гIалагъважа бугеб машина

СЛОЙСТЫЙ, -ая, -ое гъатахараб, гъата-гъатал ругеб

СЛОЙТЬСЯ *несов.* гъатал ккезе, гъата-гъатал лъугьине, гъатахине

СЛОЙ *м* 1) гъат; ~ **по́чвы** ракьул гъат 2) *перен.* халкъалъул, классалъул цо кинаб бугониги бутIа, тIел; **~и́ населе́ния** халкъалъул батIи-батIиял гъатал (*социалияб, культурияб рахъалъ батIалъи бугел*)

СЛОМ *м* **1.** (*по гл.* **слома́ть**) (*разрушение*) беки; биххи; **дом предназна́чен на** ~ мина биххизабизе бихьизабун буго **2.** (*место слома*) бекараб бакI

СЛОМА́ТЬ *сов. что* 1) бекизе; ~ **каранда́ш** къалам бекизе; 2) биххизе; хвезабизе; **~дом** мина биххизабизе ◊ ~ **себе́ ше́ю** хвезе; гIажизлъизе, гъура-чункизе

СЛОМА́ТЬСЯ *сов.* бекизе (*жибго*), хвезе; къуркьизе

СЛОМ//И́ ТЬ *сов.* 1) *что* бекизабизе, бегизабизе, гIодоб чIвазабизе; **ве́тер ~и́л де́рево** гьороца гъветI бекизабуна 2) *перен.* къезабизе, къуркьизабизе; ~ **сопротивле́ние врага́** тушманасул дандечIей къуркьизабизе, бекизабизе ◊ **~я́ го́лову** цIакъ хехго, рекIеда гьечIого, хъатамасан, цIакъ гIедегIун

СЛОМИ́ТЬСЯ *сов.* 1) бекизе 2) *перен.* хIал лъугIизе, къуркьизе

СЛОН *м* 1) пил 2) *шахм.* слон ◊ **де́лать из му́хи ~а́** тIотIол пил гьабизе (гьитIинаб жо кIодо гьабизе)

СЛОНЁНОК *м* (*мн.* **слоня́ та**) пилалъул тIинчI

СЛОНИ́ ХА *ж* цIуяб пил, эбелаб пил

СЛОНО́ВИЙ, -ья, -ье, **слоно́вый,** -ая, -ое пилалъул, пилалъул гIадаб; **~ая кость** магьи; **~ьи у́ши** пилалъул гIундул;

СЛОНЯ́ТЬСЯ *несов. разг.* гIадада свердизе, дова-гьанив свердулев вукIине

СЛУГА́ *м*: чукъа, цеветел, рагьдател

СЛУЖА́НКА *ж* хъулухъчIужу, гъарабаш, цеетел, рокъой тарай гIадан (*рокъотел)*

СЛУ́ЖАЩИЙ *м* хъулухъчи, хъулухъалда вугев чи

СЛУ́ЖБ//А *ж в разн. знач.* 1) хъулухъ 2) хъулухъ гьаби 3) хъулухъ гьабулеб бакI 4) *рел.* дин, гIибадат, тIагIат; **воéнная ~а** рагъулаб хъулухъ; **поступи́ ть на ~у** хъулухъалде лъугьине; **~а свя́ зи** бухьеналъулаб хъулухъ; **сослужи́ ть ~у** *кому-л. лъиениги* пайда гьабизе ◊ **не в ~у, а в дру́жбу** хъулухъалъе гIоло гуро, гьудул-лъиялъе гIоло (*кумек гьабе*)

СЛУЖЕ́БН//ЫЙ, -ая, -ое 1) хъулухъалъул; **~ое вре́мя** хIалтIуда ругеб мех, заман, хIалтIул заман 2) *перен. (вспомогательный)* кумекалъе бугеб, кIиабилеб даражаялъулаб; **~ая роль** кIиабилеб даражаялъулаб роль 3) *грам.* кумекалъе бугеб; **~ое сло́во** кумекрагIи

СЛУЖЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **служи́ть**) хъулухъ гьаби, хIалтIи; **~ нау́ке** гIелмуялъе (*гIоло*) хIалтIи

СЛУЖИ́ ТЕЛЬ *м* хъулухъчи; **~ ку́льта** динияб хъулухъалъул чи (*дибир, малла, кашиш ва ц.*)

СЛУЖИ́ТЬ *несов.* 1) *кому-чему, где, кем* хъулухъ гьабизе, хъулухъалъе чIезе, кумек гьабизе; **~ в а́рмии** армиялда хъулухъ гьабизе; **~ де́лу ми́ ра** ракълил ишалъе гIоло хIалтIизе 2) *чем (быть, являться)* букIине; **~ приме́ром** мисаллъун вукIине 3) *чем, для чего (быть пригодным*) ярагьине, бегьизе; **э́ та ко́мната слу́жит мне кабине́том** гьаб рукъ дие кабинеталъе бегьула, ярагьуна 4) хIалтIизабизе; **сепара́тор слу́жит для отделе́ния сли́ вок от молока́** рахьдадаса тIорахь батIа гьабизе хIалтIизабула сепаратор 5) *рел.* тIагIат гьабизе, дин гьабизе

СЛУХ *м* 1) рагIи (*гIинда*), гIенекки 2) *муз.* слух; **у него́ хоро́ший музыкальный** ~ гьесда музыка лъикI бичIчIула (*музыкалиял гьаркьал ритIун ричIчIула ва гьел битIун рахъизе лъала*) 3) *перен. (известие, молва*) хабар; **не ве́рить ~ам** харбазда божунгутIизе ◊ **ни ~у ни ду́ху** я хабар гуро, я калам гуро (*щибго хабар гьечIо*)

СЛУХОВ//О́Й, -а́я, -о́е рагIиялда хурхараб, гIинда рагIиялъе, гIнеккиялъе бугеб; **~о́й нерв** гIинзул нерв; **~о́е окно́** тIохда бугеб каратI, горду (*чердакалъубе канлъи бачIине, гьава хьвадизе*)

СЛУ́ЧА//Й *м* 1) (*происшествие*) лъугьа-бахъин; хабар гьечIого кколеб жо, тохлъукьеяб иш; **несча́стный ~й** талихI къараб лъугьа-бахъин 2) (*подходящее время*) санагIатаб, данде кколеб заман ◊ **в проти́вном ~е** гьедин гьечIони; **в ~е чего́** нагагьлъун; **ни в ко́ем ~е** щиб хIалалде кканиги; **по ~ю** сабаблъун; **купи́ть по ~ю** кинаб бугониги гIиллаялъе гIоло бичун босизе, ккараб ресалдаса пайда босизе; **в отде́льных ~ях** цо-цо мехалъ; **на кра́йний ~й** рес къотIараб мехалде; **в тако́м ~е** гьединаб мехалъ; **во вся́ком ~е** кинаса кканиги, бугониги; **в кра́йнем ~е** рес къотIани

СЛУЧА́ЙНО 1. *нареч. (непредвиденно*) ракIалдаго гьечIого, хабар гьечIого; **~ встре́титься** ракIалдаго гьечIого данделъизе **2**. *в знач. вводн. сл.* цощинаб; **ты, ~, не на собра́ние идёшь?** цощинаб, мун данделъиялдегIаги гуревищ унев вугев?

СЛУЧА́ЙНОСТ//Ь *ж* ракIалдаго гьечIого ккей; ракIалдаго гьечIого ккараб жо; **по счастли́ вой ~и** ракIалдаго гьечIеб талихIалъ

СЛУЧА́ЙН//ЫЙ, -ая, -ое 1) ракIалда гьечIого, хабар гьечIого ккараб, тохлъукье лъугьараб; кьучI, гIилла гьечIого ккараб; **~ая оши́ бка** ракIалдаго гьечIого ккараб гьалатI 2) (*не систематический*) мех-мехалдасан кколеб, лъугьунеб; **~ый за́работок** мех-мехалдасан щолеб хIалтIухъмухь, харж

СЛУЧА́ТЬ *несов. см.* **случи́ ть**

СЛУЧА́ТЬСЯ *несов. см.* **случи́ ться**

СЛУЧИ́ ТЬ *сов. кого (животных)* кIанцIизабизе, тIаде биччазе (*барти гIалаялде, куй чахъдаде, бугъа гIакдаде*)

СЛУЧИ́//ТЬСЯ *сов.* 1) (*произойти*) лъугьине; **что ~лось?** щиб лъугьараб? 2) *безл. с неопр. разг.* ккезе; **~лось мне ка́к-то ночева́ть в лесу́** киналиго рохьоб сордо базе ккун букIана дица

СЛУ́ЧКА *ж* (*по гл.* **случи́ ть**) тIаде биччай *(куй чахъдаде, бугъа гIакдаде, барти гIалаялде ва ц.*)

СЛУ́ШАНИЕ *с* гIенекки, гIинтIами; **~ ле́кций** лекция-зухъ гIин тIами

СЛУ́ШАТЕЛЬ *м* 1) *сундухъниги-лъихъниги* гIенеккулев чи; **внима́тельный ~** кIвар кьун гIенеккулев чи 2) вузалъул цIалдохъан, лекциязухъ гIенеккулев, курсант, студент

СЛУ́ ШАТЕЛЬНИЦА *ж женск. к* **слу́шатель**

СЛУ́ША//ТЬ *несов.* 1) *кого-что* гIенеккизе, гIин тIамизе; **~ть конце́рт** концерталъухъ гIенеккизе; **я вас ~ю** дун духъ гIенеккун вуго 2) *что юр.* суд гьабизе, делоялъухъ гIенеккизе, балагьизе; **~й!** гIин тIаме! (*гIенекке!*)

СЛУ́ША//ТЬСЯ *несов.* 1) *кого-чего* гIенеккизе, гIин тIамизе; **ребёнок ~ется роди́телей** лъимер эбел-инсухъ гIенеккула 2) балагьизе (*суд гьабизе)*; **де́ло ~ется в суде́** делоялъухъ судалда балагьулеб (гIенеккулеб) буго

СЛЫ//ТЬ *несов. кем-чем за кого-что* машгьурлъизе, цIар ине; **он ~вёт хоро́шим ма́стером** лъикIав устарилан цIар ун буго досул

СЛЫХА́ТЬ *несов.* 1) *см.* **слы́ шать** 2) *в знач. сказ. безл.* рагIизе, лъазе; **о нём ничего́ не** ~ досул хIакъалъулъ щибниги рагIулеб гьечIо

СЛЫ́ Ш//АТЬ *несов. кого-что* 1) рагIизе, рагIи рагIизе; **~ать стук** кIутIи рагIизе; **он не ~ит** (*т.е. он глухой*) досда рагIи рагIуларо(гьев гIинкъав вуго); **я ~ал, что он ско́ро прие́дет** дов хехго вачIине вугилан рагIана дида ◊ **он и ~ать не хо́чет** досие *(гьеб)* рагIизецин бокьун гьечIо

СЛЫ́ Ш//АТЬСЯ *несов.* гIинда чIвазе, рагIулеб букIине, рагIизе (*рагIи*); **из са́да ~ится пе́ние** ахикьан кочIол гьаракь рагIулеб буго

СЛЫ́ ШИМОСТЬ *ж* рагIи, рагIулеб букIин; **хоро́шая** ~ лъикI рагIулеб букIин, лъикI рагIи

СЛЫ́ ШНО *в знач. сказ. безл.* 1) *кого-что* рагIулеб буго, рагIула; **отсю́да хорошо́ ~ пе́ние птиц** гьанисан лъикI рагIула хIанчIазул чIичIи 2) *о ком-чем, что:* **что у вас ~?** нужехъ щиб хабар бугеб? **что о нём ~ ?** досул хIакъалъулъ щиб бицунеб (*рагIулеб*) бугеб?

СЛЫ́ ШНЫЙ, -ая, -ое рагIулеб; **е́ле ~ го́лос** хIадицаго рагIулеб гьаракь

СЛЮДА́ *ж* слюда

СЛЮНА́ *ж* хIацIу

СЛЮ́ НИ *мн.:* **распусти́ ть** ~ *прям., перен.* гIодизе; загIиплъи, таваккал гьечIолъи бихьизабизе

СЛЮ́НКИ *уменьш. от* **слю́ ни**; ◊ **у него́ ~ теку́т** гьесул (*кIалдисан*) хIацIу чвахулеб буго (*щибниги тIагамаб жо кваназе бо-кьиялъул, цIакъ хьул лъеялъ*)

СЛЮ́НН//ЫЙ, -ая, -ое хIацIуялда хурхараб; хIацIул; **~ы́е же́лезы** *анат.* хIацIуялъул железаби (*къучIби*)

СЛЮНТЯ́ Й *м разг.* 1) кIал чвахулев чи 2) *перен.* тахьтахь, бечIандар, гIамалгьечI, таваккалгьечI

СЛЮНЯ́ ВЫЙ, -ая, -ое *разг.* кIал чвахулев, кидаго кIалдиса хIацIу чвахулев; **~ ребёнок** кIал чвахулеб лъимер

СЛЯ́ КОТЬ *ж* лъамияб хIарщ, лулан араб хIарщ

СМА́ЗАТЬ *сов.* 1) *кого-что* бахине; бохьизе; **~ ра́ну йо́дом** ругънада йод бахине; **~ колёса** гьаказде нах биччазе 2) *что перен.* ришват кьезе; тIаса бихьизабун тезе; **~ вопро́с** суалалъул тIасамасаго хал гьабизе 3) жужазе (*бакъвачIеб лажбар, щакъи*); **~ рукаво́м кра́ску** гурдил къвалалъ лажбар жужазе

СМА́ЗКА *ж* **1.** (*по гл.* **сма́зать**) бахин, бохьи **2**. (*смазочный материал*) сунданиги бахунеб жо, нах, смазка; **~ для колёс** гьаказде биччалеб нах

СМАЗЛИ́В//ЫЙ, -ая, -ое *разг.* куц бугев, рекIее гIолев, ракIалъе вокьулев; **~ое ли́ чико** берца-бекинаб гьумер

СМА́ЗОЧН//ЫЙ, -ая, -ое: **~ материа́л** (*сунданиги*) бахине къваригIунеб материал, нах (нахал)

СМА́ЗЧИК *м* смазчик (*щибниги сунданиги бахунев хIалтIухъан*), нах бахунев чи

СМА́ЗЫВАТЬ *несов. см.* **сма́зать**

СМАК *м разг.* 1) тату, тIагIам; **ку́шать со ~ом** кIудияб татуялда кваназе 2) *перен.* гьира, лазат; **де́лать** *что-нибудь* **со ~ом** (*щибниги иш*) кIудияб гьираялда гьабизе

СМАКОВА́ТЬ *несов. что разг.* 1) лазат босун кваназе *ялъуни* гьекъезе 2) *перен. щибниги* лазат, кеп босун гьабизе; **~ но́вость** цIияб хабар лазаталда, кеп щун бицине

СМА́ЛЕЦ *м* биараб болъонил тIатIи, болъонил тIатIул нах

СМА́НИВАТЬ *несов. см.* **смани́ ть**

СМАНИ́ТЬ *сов. кого-что разг. (переманить)* гуккун тIаде бачине, гуккун цо бакIалде данде гьаризе; **~ кур зерно́м** тIорщел бан гуккун, гIанкIуял цойиде ракIаризе 2) *перен.* гуккун жиндехунго цIазе; *~ кого-л.* **на другу́ю рабо́ту** итизавун *щивниги* ба-тIияб хIалтIуде вачине

СМАСТЕРИ́ ТЬ *сов. что разг.* гьабизе (*устарлъиялда гьабизе кколеб жо*), махшалида гьабизе

СМА́ТЫВАТЬ *несов. см.* **смота́ть**

СМА́ХИВАТЬ[1] *несов. см.* **смахну́ть**

СМА́ХИВА//ТЬ[2] *несов. на кого-что разг. (быть похожим) лъиданиги* релълъарав вукIине; **он ~ет на отца́** дов инсуда релълъунев вуго (досул инсуда пархен буго)

СМАХНУ́ТЬ *сов. что* тIаса кIутIун нахъе гьабизе; хьвагIун, кIутIун нахъе бачахъизе; **~ пыль со стола́** столалдаса хIур нахъе кIутIизе, гIодобе кIутIизе

СМА́ХУ *нареч.* 1) хьвагIун, хьвагIараб жоялъ 2) *перен.* цIодорлъи гьечIого, гIедегIалихъе

СМА́ЧИВАТЬ *несов. см.* **смочи́ ть**

СМЕ́ЖН//ЫЙ, -ая, -ое гIурхъи цояб, мадугьалихъ бугеб, гIахьалаб гIурхъи бугеб, кIиябго цоцада хъвалеб; **~ые уча́стки** цоцада цурал участкаби; **~ые ко́мнаты** къед гIахьалал, цоцада цурал рукъзал

СМЕКА́ЛКА *ж разг.* цIодорлъи, нахъгIунтIи, пагьму буголъи, хехго жо бичIчIи, бичIчIи буголъи

СМЕКА́ТЬ *несов. см.* **смекну́ть**

СМЕКНУ́ //ТЬ *однокр. в чем, что и без доп. разг.* хехго нахъгIунтIизе, хехго бичIчIизе, хадув гъезе; **он сра́зу ~л, в чём де́ло** иш сундулъ бугебали (*щиб ккарабали*) гьесда хехго бичIчIана

СМЕ́ЛО *нареч.* 1) (*решительно*) хIинкъичIого, бахIарчи-лъиялда, бер къачIого; **де́йствовать ~** иш хIинкъичIого гьабизе 2) *разг. (легко)* бигьаго, къо бихьичIого; **здесь ~ разместится де́сять челове́к** гьанив бигьаго анцIго чи паракъат гьавизе бегьула 3) *разг. (уверенно)* ракI чIун; **мо́жно ~ сказа́ть** ракI чIун абизе бегьула

СМЕ́ЛОСТ//Ь *ж* хIинкъи гьечIолъи, бахIарчилъи, беркъангутIи; нахъе къангутIи; **не хвати́ ло ~и** бахIарчилъи гIечIо ◊ **~ города́ берёт** бахIарчилъиялъ шагьарал рахъула

СМЕ́ЛЫЙ, -ая, -ое бахIарчияб, хIинкъулареб, бер къалареб, нахъекъай гьечIеб

СМЕЛЬЧА́К *м разг.* хIинкъи гьечIев чи, бахIарчи, багьадур

СМЕ́Н//А *ж* 1) (*по гл.* **смени́ть, смени́ться**) хи́си; **~ времён го́да** лъагIалил заманаби хиси; **~ оде́жды** ретIел хиси 2) (*на предприятии)* смена; гIел; **заво́д рабо́тает в три ~ы** завод лъабго сменаялъ хIалтIула; **пришла́ вече́рняя ~а** къасисеб смена бачIана; **гото́вить себе́ ~у** живго хисизе цIияб гIел хIадур гьабизе

СМЕНИ́ //ТЬ *сов.* 1) *кого-что (заменить)* хисизе, хисун батIияв тезе; хисун батIияб ретIине; **~ть бельё** гъоркьанретIел хисизе; **~ть часово́го** хъаравул хисизе; **~ть руково́дство** нухмалъулел хисизе

СМЕНЙ//ТЬСЯ *сов.* 1) хисун ккезе, хисизе; **карау́л ~лся** хъаравул хисана 2) цощинаб жо цогидалъ хисизе, **испу́г в ней ~лся негодова́нием** гьелъулъ хIинкъи ццидаца хисана; **день ~лся но́чью** къо сордоялъ хисана (*къо ун, сордо бачIана*)

СМЕ́НН//ЫЙ, -ая, -ое сменаялъул, хисиялъул, хисулеб; **~ое собра́ние в цеху́** цехалда сменаялъул данделъи; **~ая рабо́та** сменалда гьабулеб хIалтIи, смменаби ккун, гьабулеб хIалтIи

СМЕНЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **смени́ ть(ся)**

СМЕРЗА́ТЬСЯ *несов. см.* **смёрзнуться**

СМЁРЗНУТЬ *сов.* кутакалда квачазе, цIорозе

СМЁРЗНУТЬСЯ *сов.* цIорон цоцалъ рекIун хутIизе; цIороялъ къвакIизе (*къвакIараб жо лъугьине*)

СМЕ́РИТЬ *сов. кого-что* борцине; **~ температу́ру** цIа-кан борцине ◊ *~ кого-л.* **взгля́дом** хIатIаздаса ботIрода щвезегIан бералъ восизе; къимат кьолеб гIадин, кIвар кьун хал гьабизе

СМЕРКА́ТЬСЯ *несов. безл. см.* **сме́ркнуться**

СМЕ́РК//НУТЬСЯ *сов.* рукIкIине (*дуниял*), маркIачIул бер рукIкIине; бецIлъиялъ бацизе; **уже́ ~лось** маркIачIул бер рукIкIана, маркIачIумех щвана;

СМЕРТЕ́ЛЬНО *нареч.* 1) хвеледухъ; **~ бо́лен** хвеледухъ унтун вуго 2) *перен. (очень сильно)* гIурхъулъа ун кутакалда, цIакъ квеш; **~ боя́ ться** цIакъ квеш хIинкъизе; **~ ску́чно** кутакалда ракI гъолеб гьечIо, кутакалда чIалгIун буго

СМЕРТЕ́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое 1) хвалилаб, хвел тIаде цIалеб, хвеледухъ бугеб, хвезабулеб, хвел сабаблъун кколеб; **~ый яд** хвезабулеб загьру 2) хвел тIаде босун гьабулеб; **~ая борьба́** хвел тIаде босун гьабулеб кьеркьей 3) *перен. разг.* гIорхъолъа ун кутакаб, хIаталдаса ун гучаб; **~ая уста́лость** кутакаб свакай; ◊ **~ая не́нависть** кутакаб рокьукълъи

СМЕ́РТНИК *м* чIвазе хIукму къотIарав чи, чIвазехъин вугев чи

СМЕ́РТНОСТЬ *ж* хвел, хвей; хварал гIадамазул къадар; **де́тская ~** лъималазул хвел; **~ уме́ньшилась** хварал гIадамазул къадар дагьлъана, хвел дагьлъана

СМЕ́РТН//ЫЙ, -ая, -ое **1.** *в знач. сущ. м* гIадан, гIадамил лъимер; **просто́й ~** киналго гIадав инсан **2**. хвалие вижарав **3**. холеб (*заман*); **в ~ый час** холеб сагIаталда **4**. хвалида бухьараб **5**. хвезе, хвалие цIараб (*гьабураб*); **~ый приговО́р** (чIвазе къотIараб) хвалие къотIараб хIукму **6**. хвалде бачунеб **7**. *разг.* рухI бахъулеб; кутакаб; **~ая жа́жда** кутакаб къечей (къеч)

СМЕРТОНО́СН//ЫЙ, -ая, -ое хвезарулеб, хвел жиндилъ бугеб; хвалилаб; **~ый яд** хвезарулеб загьру

СМЕРТ//Ь *ж* хвей, хвел, гIажал; **умере́ть есте́ственной ~ю** гIажал щун хвезе, жиндирго хвелалъ хвезе, унтун хвезе; **скоропости́ жная ~ь** тохаб хвел; **пасть ~ю хра́брых** бахIарчилъиялда хвезе, бахIарчияб хвел босизе; ◊ **бле́дный как ~ь** хвалил кьер чIван буго; цIакъ кутакалда кьер тIун буго; **при́ ~и** цIакъ захIматаб, гIумруялъе хIинкъи бугеб хIалалда; **до́ ~и** цIакъ кутакалда; **напуга́ть до́ ~и** цIакъ кутакалда хIинкъизавизе; **не на жизнь, а на ~ь** хвалиде вачIинчIого

СМЕРЧ *м* кутакаб женазул гьури, щайтIангьури, кутакаб балагьалъул гьури (*сали, лъим, гъутIби кьолболъа рахъулеб ва кьуркьурун зодибе бахъунеб гьури*)

СМЕСТИ́ *сов.* 1) *что* лъухьун нахъе базе, лъухьизе; **~ кро́шки со стола́** столалдаса ричIчIи́, хъури́ лъухьизе 2) лъухьун цо бакIалде бакIаризе; **~ му́сор в у́гол** кьишни (*рищни, чIухIтIи*) лъухьун бокIниде бакIаризе 3) *кого-что перен. (уничтожить)* тIагIинаризе, лъухъан тIагIинаризе; **~ врага́в** тушбаби лъухъан тIагIинаризе; **~ с лица́ земли́** ракьул гьумералдаса (*ракьалдаса*) лъугIизаризе

СМЕСТИ́ТЬ *сов.* 1) *кого (уволить)* нахъе гьавизе (*цощинаб ишалдаса*) 2) *что (сдвинуть)* бакI хисизабизе; **~ стол** стол батIияб бакIалда лъезе, стол добегIан цузе, бугелъуса багъаризабизе

СМЕСТИ́ ТЬСЯ *сов.* бакI хисизе, бугелъуса багъаризе

СМЕСЬ *ж сундулниги* жуба-гъубараб жо; *щиб-цибниги* жуба-гъубан гьабураб жо; **~ песка́ и цеме́нта** салиги цементги жубан гьабураб жо

СМЕ́Т//А *ж* смета (*гьабизе бугеб харжалъул ва бачIиналъул хIисаб*); **соста́вить ~у** смета гьабизе

СМЕТА́НА *ж* тIорахь

СМЕТА́ТЬ[1] *несов. см.* **смести́**

СМЕТА́ТЬ[2] *сов. что (сшить крупными стежками)* чIахIаквар базе, квар чIвазе, чIахIаго шушине

СМЕТА́ТЬ[3] *сов. что* **1.** сокIкIине (*гIари*); **~ стог се́на** харил гIарахъ базе **2**. рехизе (*кибениги*)

СМЕТЛИ́ВОСТЬ *ж* цIодорлъи, хехго нахъгIунтIи, пагьму буголъи

СМЕТЛИ́ ВЫЙ, -ая, -ое цIодорав, хехго жо бичIчIулев, хехго нахъгIунтIулев; **~ учени́ к** бичIчIи бугев цIалдохъан

СМЁТЫВАТЬ *несов. см.* **смета́ть**[2]

СМЕ//ТЬ *несов. с неопр.* хIал кIвезе, бахIарчилъи гIезе, кIвезе; **как ты ~л?** кин дуда кIвараб? ◊ **не ~й тро́гать!** квер хъваге!

СМЕХ *м* релъи; **разрази́ ться ~ом** велъун виччан тезе; ◊ **не до ~у** гьира гьечIо; релъизесеб заман гуро; **~а ра́ди** махсараялъе, релъизеялъе гIоло; **подня́ть на́ ~** *лъиданиги-сунданиги* тIад релъизе

СМЕХОТВО́РНЫЙ, -ая, -ое релъизарулеб, релъи бачIинабулеб, релъанхъизабулеб, кепаб; **~ слу́чай** релъи бачIинабулеб, кепаб лъугьа-бахъин

СМЕ́ШАНН//ЫЙ, -ая, -ое жубараб, жуба-гъубараб; **~ая гру́ппа** жубараб группа (*къокъа*)

СМЕША́ТЬ *сов. что* 1) жубазабизе 2) *перен.* жуба-гъубазабизе 3) цо жо цогидаблъун ккезе, цо жо цогидалдаса батIа гьабизе лъангутIизе ◊ **~** *кого-л.* **с гря́зью** инжит гьавизе, гIодовегIан гьавизе, бугьтанал лъезе

СМЕША́ТЬСЯ *сов.* 1) (*образовать смесь*) жубазе 2) *перен.* жуба-гъубан ине, жуба-гъубазе

СМЕШЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **смеша́ть**) жубазаби **2**. (*по гл.* **смеша́ться**) жубай, жуба-гъубай

СМЕ́ШИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **смеша́ть(ся)**

СМЕШИ́ТЬ *несов. кого* велъизавизе, релъи бачIинабизе, релъанхъизаризе

СМЕШЛИ́ВЫЙ, -ая,-ое хехго релъи бачIунев, гIемер велъанхъулев

СМЕШНО́ 1. *нареч.* релъи бачIунедухъ, гIадго; **он ~ расска́зывает** дос релъи бачIунедухъ бицуна **2**. *в знач. сказ. безл.* релъи бачIуна, гIадаб буго; **мне бы́ло ~** дида гIадлъун букIана

СМЕШН//О́Й, -а́я, -о́е 1) релъизарулеб, релъи бачIунеб 2) хочIалъулаб, тIад релъанхъулеб 3) *перен.* гьагаб, гIантаб, тохаб

СМЕЩА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **смести́ ть(ся)**

СМЕЩЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **смести́ ть**) нахъе гьави (*цощинаб ишалдаса*) **2**. (*по гл.* **смести́ ться**) бакI хиси, бугелъуса багъари

СМЕЯ́ТЬСЯ *несов.* 1) велъизе; **~ до слёз** магIу баккизегIан велъизе 2) *над кем-чем (насмехаться)* велъанхъизе (*лъиданиги тIад*)

СМИ́ЛОСТИВИТЬСЯ *сов.* гурхIизе, рахIму гьабизе, гурхIел гьабизе

СМИРЕ́НИЕ *с* мутIигIгьаби; мутIигIлъи

СМИРЕ́ННЫЙ, -ая, -ое мутIигIаб, хIалимаб, хIелараб

СМИРИ́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое гIодоцинавулеб (*гIадаллъарав чи*), мутIигI гьабулеб ◊ **~ая руба́шка** бетIер сверарав чIезавизе тIад ххолеб хасаб гурде

СМИРИ́ ТЬ *сов. кого-что* 1) гIодоцинавизе 2) мутIигI гьавизе, жиндаго нахъвилъинавизе; **~ непоко́рных** мутIигIлъуларел мутIигI гьаризе

СМИРИ́ТЬСЯ *сов. с кем-чем и перед кем-чем* гIодоцине, гIодове вуссине, мутIигIлъизе

СМИ́РНО 1) *нареч.* мутIигIго, гIодове вуссун, гIодоцун 2) **сми́ рно!** смирно! (*ритIун чIаян кьолеб команда*) ритIун чIа!

СМИ́РНЫЙ, -ая, -ое гIодове вуссарав, мутIигIав, гIодове виччарав, хIеренав, малъа-малъараб гьабулев, гIенеккулев

СМИРЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **смири́ ть(ся)**

СМО́КВА *ж* инжир

СМО́КИНГ *м* смокинг (*пиджакалъул халатаб цо тайпа*)

СМОЛА́ *ж* пицI; **сосно́вая ~** накIкIигъотIол пицI

СМОЛЁНЫЙ, -ая, -ое пицI, хъил тIад бахараб

СМОЛИ́ СТЫЙ, -ая, -ое пицI гъорлъ бугеб, пицIмахIаб, пицI гIадаб, пицI гIемераб

СМОЛИ́ ТЬ *несов. что* пицI бахине, хъил бахине

СМОЛКА́ТЬ *несов. см.* **смо́лкнуть**

СМО́ЛК//НУТЬ *сов.* сихI, сас, гьаракь къотIизе; кIалъай къотIизе, кIалъачIого чIезе, вуцIцIун чIезе; **голоса́ ~ли** гьаркъал сасана, къотIана

СМО́ЛОДУ *нареч.* гIолохъанлъудасанго,гIолохъанаб мехалъ; ◊ **береги́ че́сть ~** къадру гIолохъанлъудаго цIуне

СМОЛОТИ́ТЬ *сов. что* лал тIамизе

СМОЛО́ТЬ *сов. что* ххине (*ханжу*); **~ пшени́ цу** ролъ ххине (*гьабихъ базе*)

СМОЛЧА́ТЬ *сов.* кIалъачIого, жаваб кьечIого чIезе, вуцIцIухIун чIезе

СМОЛЬ *ж*: **чёрный как ~** лахIчIегIераб (*рас*)

СМОРГНУ́ ТЬ *сов.* 1) къапизе 2) берги (*бералги*) къапезабун, нахъе инабизе ◊ **не сморгну́в** (*глазом*) къо бихьичIого, гIемер (*халат*) ургъичIого

СМОРКА́ТЬСЯ *несов.* мегIер бацIцIине, сунхизе

СМОРО́ДИНА *ж (кустарник, ягода)* смородина

СМО́РЩЕННЫЙ, -ая,-ое букIкI-букIкIараб

СМО́РЩИТЬ *сов. что* букIкI-букIкIинабизе

СМО́РЩИТЬСЯ *сов.* букIкI-букIкIине, букIкIине

СМОТА́ТЬ *сов. что* тIад жемизе ◊ **~ у́дочки** цевеса хьвазе, гIедегIун нахъе ине

СМОТР *м* балагьи, хал гьаби; (*бугеб хIал*) бихьизаби; **~ы** халкъалда цере рахъун бихьизаби

СМОТР//Е́ТЬ *несов.* 1) *на кого-что, во что, кого-что, за кем-чем в разн. знач.* балагьизе, хал гьабизе; **~ в окно́** гордухъан балагьизе; **~ вы́ставку** выставкаялъухъ балагьизе; **~ за детьми́** лъималазул хал гьабизе; **из-за туч ~е́ло со́лнце** накIкIазда гьоркьосан бакъ баккун бачIана 2) *перен. (считать)* бихьизе, ккезе; **как вы на э́то смо́трите?** гьаб дуда кин бихьулеб? (кин кколеб?) 3) *перен.* хал-шал гьабизе, хал гьабизе; **~ за поря́дком** гIадлу-низамалъул хал-шал гьабизе 4) (*быть обращённым куда-л.*) *кирехунниги* ралагьун, руссун рукIине; **о́кна ~ят на юг** гордал югалдехун руссун руго 5) *повел. (предупреждение*) **~и́ ! ~и́те!** балагье(я), воре, балагье! **~и́ , не упади́ !** воре, гIодов ккоге! ◊ **~е́ть сквозь па́льцы** бихьуларе ххвел гьабизе; **~е́ть в о́ба** лъикIаб хIалалъ балагьизе (*кIиябго бадисан балагьизе*)

СМОТРЕ́ТЬСЯ *несов.* 1) жиндихъго балагьизе 2) бихьизе (*лъикI, квеш*); **~ в зе́ркало** матIуялъув жиндихъго валагьизе

СМОТРИ́ НЫ *мн.* абурай яс йихьизе ин (*абурав васги гьесул гIагарлъиги абурай ясалда рихьулеб данделъи*)

СМОТРИ́ТЕЛЬ *м* смотритель (*сундулниги тIалаб-агъаз гьабун вугев чи)*, тохалчи

СМОТРИ́ТЕЛЬНИЦА *ж* смотрительница (*сундулниги тIалаб-агъаз гьабун йигей гIадан*)

СМОТРОВ//О́Й, -а́я, -о́е *кивениги, сундухъниги* балагьизе-лъун тараб, балагьизе тараб; **~а́я щель** балагьизе тараб кьватIел, ричIел

СМОЧИ́ТЬ *сов.что* дагьа-макъаб биччизабизе, хIеккинабизе

СМОЧЬ *сов. с неопр.* кIвезе, хIал кIвезе; **он не смо́жет** досда кIвеларо; **е́сли смогу́** (дида) кIвани; **я смогу́ рабо́тать** дида хIалтIизе кIвела

СМРАД *м* квешаб махI, махIцараб махI, капурго хвараб махI

СМУ́ ГЛЫЙ, -ая, -ое чIегIеркIкIуяв; **~ое лицо́** чIегIеркIкIуяб гьумер

СМУГЛЯ́ НКА *ж* чIегIеркIкIуяй (*яс, чIужугIадан*)

СМУ́ Т//А *ж* низам биххи, бунт; гьалмагъир, халкъияб багъа-бачари ◊ **се́ять ~у** бунт багъаризабизе

СМУТИ́ ТЬ *сов. кого-что* 1) (*привести в смущение*) нечезавизе, хIал хисизабизе, виххизавизе, тамашалъизавизе 2) (*нарушать спокойствие, взволновать*) бунт багъаризабизе, низам бихизабизе, рахIат хвезабизе

СМУТИ́ ТЬСЯ *сов.* виххизе, нечезе, хIал хисун лъугьине

СМУ́ ТНО *нареч.* баянлъи гьечIого

СМУ́ТН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*тревожный, мятежный*) низам биххараб, бунтал ругеб, хIинкъи бугеб, рахIат хвараб; **~ое вре́мя** хIинкъи бугеб, рекIее рахIат гьечIеб заман 2) (*неясный*) баянлъи гьечIеб, бичIчIулареб; **~ые воспомина́ния** баянлъи гьечIел (*загIипал*) ракIалдещвеял

СМУТЬЯ́ Н *м разг.* гъалмагъирчи, питначи

СМУТЬЯ́ НКА *ж* гъалмагъирчIужу, питначIужу

СМУ́ШКА *ж* цIи гьабураб кьагIридаса бахъараб тахта, элтир

СМУЩА́ТЬ *несов. см.* **смути́ ть**

СМУЩА́//ТЬСЯ *несов. см.* **смути́ться**; **не ~йтесь!** нечоге! намуслъуге!

СМУЩЕ́НИ//Е *с* нечей, нечезави; виххи, рахIатхвей; **привести́ в ~е** намуслъизавизе; **покрасне́ть от ~я** нечеялъ багIабагIарлъун вахъине

СМУЩЁННЫЙ, -ая, -ое нечарав, намуслъарав; виххарав, виххун хутIарав

СМЫВА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **смы́ ть(ся)**

СМЫКА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **сомкну́ть(ся)**

СМЫСЛ *м* 1) магIна; мурад; **в прямóм ~е слóва** рагIул битIараб магIнаялда; ~ **жи́зни** гIумруялъул мурад 2) гIакълу; **здрáвый ~** битIараб гIакълу; **в смы́сле** хIакъалъулъ, рахъалъан ◊ **в пóлном ~е слóва** унго-унгояб, хIакъикъияб

СМЫ́СЛИ//ТЬ *несов. см.* бичIчIизе, лъазе; **он ничегó не ~т в э́том дéле** досда гьаб ишалъулъ щибго бичIчIуларо

СМЫСЛОВ//О́Й, -áя, -óе магIнаяб, магIнаялъулаб; **~áя сторонá слóва** рагIул магIнаяб рахъ

СМЫТЬ *сов.* 1) *что* чурун инабизе (*цощинаб хъублъи ва ц.*) 2) *кого-что (унести течением)* лъадаца квине (*масала, гIурул рагIал*), лъадаца ине, чуризе; **водóй смы́ло лóдку** лъеца раса жанибе бачун ана, раса лъеца босун ана 3) *что перен.* чуризе, тIаса инабизе (*гIайиб, рогьоб*) 4) *воен.* тIагIинабизе

СМЫ́//ТЬСЯ *сов.* 1) чурун ине (*цощинаб хъублъи ва ц.)*; **пятнó ~лось** ланг чурун нахъе ана 2) *перен. прост. (уйти потихоньку*) вихьуларедухъ, хехго нахъе ине, цевеса тIагIине, цевеса хьвазе

СМЫ́ЧКА *ж* 1) (*по гл.* **сомкнýть**) дандбараб, цолъараб бакI (*сундулниги*); ~ **свóдов** кIармал цолъараб бакI, 2) *перен.* хуркхен, бухьен; ~ **гóрода с дерéвней** шагьаралъул росдалгун бухьен 3) рахсил бутIа (*кесек*), рахсил цо гор, цо кесек

СМЫЧКÓВ//ЫЙ, -ая, -ое: **~ые инструмéнты** гIáтIал (чIваби) ругел инструментал

СМЫЧÓК *м* 1) *муз.* чагъана хъвалеб жо 2) квас бухулеб жо

СМЫШЛЁНЫЙ, -ая, -ое хехго жо бичIчIулев, бичIчIи бугев, цIодорав, пагьму бугев; ~ **мáльчик** бичIчIи бугев вас

СМЯГЧÁТЬ(СЯ) *несов. см.* **смягчи́ ть(ся)**

СМЯГЧÁЮЩ//ИЙ, -ая, -ее 1) тамахлъизабулеб (*щибниги къвакIараб жо*) 2) бигьалъизабулеб; **~ие вину́ обстоя́тельства** жаза бигьалъизарулел ахIвалал

СМЯГЧЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **смягчи́ть**) тамахлъизаби, бигьалъизаби **2**. (*по гл.* **смягчи́ ться**) бигьалъи, тамахлъи, хIеренлъи, бигьалъун, тамахлъун ин 3) *перен.* бигьа гьаби (*тамихI*)

СМЯГЧИ́Й ТЬ *сов. кого-что* 1) тамах гьабизе, тамахлъизабизе, хIерен гьабизе; ~ **кóжу** хъал, тIом тамахлъизабизе 2) *перен.* тамах гьабизе, бигьалъизабизе (*судалъул хIукму*); чучлъизабизе, агь тIезабизе (*унтул*); ~ **боль** унтул агь тIезабизе; ~ **удáр** кьаби дагьлъизабизе

СМЯГЧИ́ТЬСЯ *сов.* 1) тамахлъизе, хIеренлъизе 2) *перен.* бигьалъизе, чучизе, агь тIезе (*унтул*)

СМЯТЕ́НИЕ *с* рихха-хочи, виххун хутIи

СМЯ́ТЫЙ, -ая, -ое букIкI-букIкIараб; къечхьа-гедараб, кIвекIа-шешараб; мерхьа-мекъараб (*ретIел, кагъат, хъахIмахх ва ц.*)

СМЯТЬ *сов.* 1) *что (измять)* букIкI-букIкIинабизе (*кIвекIун*); ~ **бумáгу** кагъат букIкI-букIкIинабизе 2) *что (растение)* бегизабизе; мерхьине 3) *кого-что перен.* тIаде кIанцIун, рихха-хочи ккезабизе

СМЯ́ ТЬСЯ *сов.* букIкI-букIкIине

СНА, сну *и т.д. род., дат. п. и т.д. от* **сон**

СНАБДИ́ТЬ *сов. кого-что чем* хадуб гъезабизе, хадуб гъун чIезабизе; ~ **магази́ ны товáрами** тукабазе къайи хадуб гъун чIезабизе, къайиялдалъун хьезаризе

СНАБЖÁТЬ *несов. см.* **снабди́ ть**

СНАБЖА́//ТЬСЯ *несов.* букIинабизе, бачIине, чIезабизе, кьезе; **магази́ ны ~ются из свои́ х баз** тукабазе къайи жиде-жидер базабаздаса бачIуна, жиде-жидер базабаз кьола, чIезабула, букIинабула

СНАБЖЕ́НЕЦ *м* хьезабиялъул отделалъул хIалтIухъан

СНАБЖЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **снабди́ть**) 1) букIинаби, чIезаби, хьезаби 2) **óрганы ~я** хьезабиялъул органал (идараби)

СНÁДОБЬЕ *с разг. (батIи-батIиял жалаздасан, хурдуздасан гьабураб*) *халкъияб* дару, дарман

СНÁЙПЕР *м* гIужихъан *(алхинчIого гIужда щвезабулев чи)*

СНАРУ́ ЖИ *нареч.* тIасан, къватIисан

СНАРЯ́Д *м* 1) *воен.* гIарададул гулла 2) *спорт.* спорталъе хIажалъулел алатал (*гулла, диск, чIор, турник ва гь.ц.*) 3) *тех.* тIагIел; **столя́рный** ~ цIулал устарасул тIагIел; ~ **для бурéния** борлъарулеб (*борлъариялъе хIалтIизабулеб*) аппарат

СНАРЯДИ́ТЬ *сов. кого-что* 1) къваригIараб-таралдалъун хьезарун, къватIире рахъине хIадурлъи гьабизе 2) бакIаризе, хIадур гьабизе 3) яргъидалъун хьезаризе

СНАРЯДИ́ТЬСЯ *сов.* къваригIараб-тарабги чIезабун, хIадурлъун рукIине (*кириниги ине*)

СНАРЯЖÁТЬ(СЯ) *несов. см.* **снаряди́ ть(ся)**

СНАРЯЖЕ́НИЕ *с* 1) къваригIараб-таралде хьезабун, къачIай (*къватIире рахъине*) 2) къваригIунеб къайи-къоно; **воéнное ~** аскариясул къайи-къоно

СНАСТЬ *ж собир.* алатал, тIагIел-гIучI; устарлъиялъул тIагIелал; **рыболóвная ~** ччугIа кквезе къваригIунел алатал

СНАЧÁЛА *нареч.* 1) (*сперва*) тIоцебе, байбихьуда, бетIералда, авалалда, цин, цебе; ~ **подýмай, потóм отвечáй** цин ургъе, цинги жаваб кье 2) (*снова, еще раз*) цIидасан, нахъеги; **начáть ~** цIидасан байбихьизе

СНÁШИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **сноси́ ть(ся)**[1]

СНЕГ *м* гIазу; **идёт ~** гIазу балеб буго ◊ **как снег нá голову** ракIалдаго гьечIого, тохлъукьего

СНЕГИ́ РЬ *м* мегьедбагIар (*хIинчI*)

СНЕГОВ//О́Й, -áя, -óе 1) гIазул; **~áя водá** гIазул лъим 2) даимго гIазу букIунеб; **~ы́е верши́ны гор** мугIрузул даимго гIазу букIунел (*кидаго гIазуца рацарал*) тIогьал

СНЕГОЗАДЕРЖÁНИЕ *с* регьел ва хинлъи букIинелъун гIазу чIезаби (*гьороца босизе биччачIого*)

СНЕГООЧИСТИ́ ТЕЛЬ *м (нухаздаса)* гIазу хъаштIулеб машина, гIазудаса нухал рацIцIад гьарулеб машина

СНЕГОПÁД *м* гIемераб гIазу бай

СНЕГОТÁЯНИЕ *с* гIазу биин

СНЕДÁТЬ *несов.* 1) гIазаб чIамизабизе, гIакъуба кьезе 2) кваназе

СНЕДЬ *ж прост.* квен, кваналеб жо

СНЕЖИ́ НКА *ж* гIазул хIули

СНЕ́ЖН//ЫЙ, -ая, -ое 1) гIазул; **~ый покрóв** гIазул хъал 2) гIазуца бацараб; **~ая горá** гIазуца бацараб мегIер 3) гIазуда релълъараб (*кьер, куц-мухъ*) 4) гIазул гьабураб

СНЕЖ//О́К *м* 1) лъедераб гIазу 2) (*комок*) гIазул кьайи; **игрáть в ~ки́** гIазуда расанди (*гIазуречIчIи*) гьабизе

СНЕС//ТИ́ *сов.* 1) *кого-что (отнести)* босизе, босун щвезабизе, щвезабизе, босун ине; **~ти́ письмó на пóчту** кагъат почалде щвезабизе, босун ине 2) баччун гIодобе босизе; **~ти́ мешки́ в подвáл** хъапал подвалалъуре раччун щвезаризе 3) *что (сорвать)* бахъун рехизе, тIаса тIун рехизе; **бýрей ~лó кры́шу** гьороца тIох бахъун рехана 4) *что (разрушить)* хвезабизе, биххизабизе; **~ти́ хлев** бокь биххизабизе; **~ти́ стáрый дом** басрияб мина́ биххизабизе, хвезабизе 5) *что (стерпеть)* хIехьезе; **~ти́ оскорблéние** хIакъир гьави хIехьезе 6) гьабизе, къинлъизе; **~ти́ яйцó** хоно гьабизе 7) гьоркье босун, хъвазе; **~ти́ примечáние под стрóчку** баян, мухъида гьоркье босун, хъвазе ◊ **не ~ти́ головы́** чIаго хутIиларо, тамихIалдаса ворчIиларо, ботIродаса ватIалъизе бегьула

СНЕСТИ́ СЬ *сов.* 1) (*установить связь*) гьоркьоблъи букIинабизе; гара-чIваризе лъугьине 2) (*о птицах*) кьинлъизе (*гIанкIу*)

СНИЖÁТЬ(СЯ) *несов. см.* **сни́ зить(ся)**

СНИЖЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **сни́зить**) гIодобе бачин, **2**. (*по гл.* **сни́зиться**) гIодобе бачIин **3**. *перен.* дагь гьаби; учуз гьаби, гIодобе ккей(*сундулниги къимат*) **4**. *перен.* гIодоцин, гIодоцинаби, чучи, чучизаби

СНИ́ЗИТЬ *сов.* 1) *кого-что (спустить ниже*) гIодобе бачине, (*решт1инабизе)* 2) *что (сделать более низким)* гIодобе гьабизе, учуз гьабизе, гIодобе ккезабизе ~ **цéны** багьаби учуз гьаризе

СНИ́ЗИ//ТЬСЯ *сов.* 1) гIодобе бачIине, рещтIине 2) *перен.* учузлъизе, гIодобе ккезе; **цéны ~лись** багьаби гIодоре ккун руго

СНИ́ ЗУ 1) *нареч.* гъоркьан; **вéтер дýет** ~ гьури гъоркьан пулеб буго 2) *перен.* гъоркьан, халкъалдасан ◊ ~ доверху ахадаса тIараде щвезегIан; тIубанго

СНИМÁТЬ(СЯ) *несов. см.* **сня́ ть(ся)**

СНИ́ МОК *м* сурат (*фотоаппараталъ бахъараб*)

СНИМУ´ (СЬ), сни́ мешь(ся) *и т.д. буд. от* **сня́ ть(ся)**

СНИСКА́ТЬ *сов. что уст. (приобрести, найти*) батизе, балагьизе, щвезе; **~ сла́ву** машгьурлъи-цIар балагьизе

СНИСХОДИ́ ТЕЛЬНОСТЬ *ж* 1) (*невзыскательность*) чиясул гIунгутIабаздехун, загIиплъиялдехун сабураб, хIеренаб бербалагьи (*букIин*) 2) (*высокомерие*) пахруго гурхIел-цIоб гьаби

СНИСХОДи́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое 1) (*не строгий*) тамахав, хIеренав, гурхIулев 2) (*высокомерный*) пахруго, чIухIадго гурхIел-цIоб гьабулев

СНИСХОЖДЕ́НИ//Е *с* гурхIел, рахIму, тIасалъугьин; **вино́вен, но заслу́живает ~я** гIайибияв вуго, амма тIаса лъугьине мустахIикъав вуго

СНИ´ //ТЬСЯ *несов.* макьилъ бихьизе; **мне ~лся сон** дида макьу бихьана ◊ **и во сне не ~лось** макьилъцин бихьичIо, кидаги ракIалдецин ккун букIинчIо

СНО́ВА *нареч.* 1) (*опять*) нахъеги; **~ пошёл дождь** нахъеги цIад бана 2) (*заново, вновь*) цIидасан

СНОВА́ТЬ *несов. разг.* **1.** цевехъахъдизе, дове-гьаниве вортанхъизе **2**. (*ххам бессулаго*) челнок цебе-нахъе хьвадизе

СНОВИДЕ́НИЕ *с* макьаби рихьи

СНОГСШИБА́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое 1) тамашаяб, гIажаибаб, цIакъ хIикматаб; **~ая но́вость** цIакъ гIажаибаб (*цIияб*) хабар 2) цIакъ кутакаб, гIодор ккезаризе кIолеб

СНОП *м* гул; **вяза́ть ~ы´** гул къазе

СНОПОВЯЗА́ЛКА *ж* гул къалеб машина

СНОРО́ВК//А *ж* лебаллъи, тирилъи, хехлъи, бажари; **приобрести´ ~у** лебаллъи щвезе

СНОС[1] *м (слом)* биххи, хвезаби; **дом под ~** риххизаризе ругел рукъзал

СНОС[2] *м:* **~у нет** *чему разг.* хвей гьечIо, цIакъ щулияб буго

СНОСИ´ ТЬ[1] *сов. что разг. (износить) см.* **износи´ ть**

СНОСИ´ ТЬ[2] *несов. см.* **снести´** ◊ **не ~ головы´** чIаго хутIиларо; тамихIалдаса ворчIиларо; ботIродаса ватIалъизе бегьула

СНОСи́ТЬСЯ[1] *сов. разг. (износиться)* хохозе, хвезе, гIемер ретIун, басралъизе

СНОСИ´ ТЬСЯ[2] *несов. см.***снести´ сь**

СНО́СКА *ж* сноска (*аслияб тексталъул мурад, магIна баян гьабизе, гьумералъул ахаде босун, хъвалеб бутIа*)

СНО́СН//ЫЙ, -ая, -ое 1) хIехьезе бегьулеб, хIехьезе кIолеб; букIине бегьулеб 2) рекъараб, бегьулеб, разилъизе бегьулеб; **~ые усло́вия** разилъизе бегьулел шартIал

СНОТВО́РН//ЫЙ, -ая, -ое **1.** кьижизарулеб, макьу щвезабулеб, макьу рекIинабулеб **2**. *в знач. сущ.* **~ое** макьу щвезабулеб дару, макьил дару

СНОХА́ *ж* нус (*васасул чIужу*)

СНОШЕ́НИ//Е *с* (*по гл.* **сноси´ться**[2]**)** бухьен, гьоркьоблъи, хурхен; **дипломати´ческие ~я** дипломатиял бухьенал, гьоркьор-лъаби

СНУЮ´ , снуёшь *и т.д. наст. от* **снова́ть**

СНЯТ//О́Й, -а́я, -о́е: **~о́е молоко́** тIорахь бахъараб рахь

СНЯТЬ *сов.* 1) *кого-что* тIаса босизе; **~ сли´вки с молока́** рахьдадаса тIорахь тIаса босизе; **~ пе́ну** полоп тIаса босизе 2) *что (одежду, обувь*) бахъизе (*кибниги бараб, лъураб, лъиданиги ретIараб жо*); **~ ша́пку** тIагъур бахъизе; **~ пальто́** пальто тIаса бахъизе; **~ с гвоздя́** магIидаса бахъизе 3) *что* бакIаризе (*хIалухъен*) 4) *кого-что перен.* (нахъе) вахъизе; **~с учёта** учётаддаса вахъизе; **~ с рабо́ты** хIалтIудаса вахъизе 5) *что перен.* бахъизе, тIаса босизе; **~ вопро́с с пове́стки** повесткаялдаса суал нахъе босизе; **~ вы´говор** выговор бахъизе; **~ отве́тственность** жавабчилъи тIаса босизе 6) *что (переснять)* цIидасан бахъизе 7) *кого-что (сфотографировать)* сурат бахъизе 8) *что (нанять)* ккезе; **~ кварти´ру** рукъ ккезе 9) *что* роцен бахъизе ◊ **~ го́лову с плеч** бетIер къотIизе; **как руко́й сняло́** расги хутIичIого, циндаго, тIубанго тIагIана

СНЯ´ //ТЬСЯ *сов.* 1) (*сфотографироваться*) сурат бахъизе 2) (*отделиться*) тIезе, бахъун бачIине, батIалъизе; **кры´шка ~лась легко́** тIалъел бигьаго бахъун бачIана 3) багъаризе, сапаралде лъугьине ◊ **~ться с я´коря** сапаралде лъугьине, чIараб бакIалдаса нахъе ине

СО *предлог см.* **с**

СОА́ВТОР *м* цадахъ авторлъи гьабурав чи

СОА́ВТОРСТВО *с* цадахъаб авторлъи, гIахьалаб авторлъи

СОБА́К//А *ж* гьой ◊ **вот где ~а зары´та** иш гьадин букIун буго; **он на э´том ~у съел** гьелъие досул кIудияб махщел буго; **уста́л как ~а** кутакалда саквана (хIама гIадин свакана)

СОБА́ЧИЙ, -ья, -ье гьойдул, гьабзазул; **~ лай** гьойдул хIапи; **~ хо́лод** кутакаб квачай

СОБЕ́С *м* (*социальное обеспечение*) собес

СОБЕСЕ́ДНИК *м* накъиталъе гIахьаллъи гьабулев чи, аскIов гIодов чIун хабар-кIалалда вугев чи; **он интере́сный ~** дов ракI гъезабулев, кепаб хабар-кIалалъул чи вуго

СОБЕСЕ́ДОВАНИЕ *с* гIодор чIун, накъит гьаби; цIализе лъугьунезулгун гьабулеб гара-чIвари; чван къотIараб темаялда тIасан хасаб гара-чIвари

СОБИРА́НИЕ *с* (*по гл.* **собира́ть**) бакIари, данде гьаби

СОБИРА́ТЕЛЬ *м щибниги* бакIарун данде гьабулев чи, коллекция гьабулев чи

СОБИРА́ТЬ *несов. см.* **собра́ть**

СОБИРА́//ТЬСЯ *несов. см.* **собра́ться**; **~ются ту́чи** накIкIал данде ракIарулел руго

СОБЛАГОВОЛИ´ ТЬ *сов. с уст. ирон.* разилъи кьезе

СОБЛА́ЗН *м* гьира, хьул, анищ; **ввести´ в ~** хьул лъезабизе

СОБЛАЗНи́ТЕЛЬ *м* гьира ккезабулев, анищ багъаризабулев, хIацIадизарулев (*чи*); ясал гуккулев чи; гуккун, хIеренаб мацI бицун руччаби жиндехунго руссинарулев чи

СОБЛАЗНи́ТЕЛЬНИЦА *ж* гьира ккезабулей; анищ багъаризабулей, хIацIадизарулей гIадан

СОБЛАЗНи́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое гьира бахъинабулеб, гьира ккезабулеб, анищ кколеб; хьул лъезабулеб; **~ое предложе́ние** гьира ккезабулеб предложение (*цебе лъураб суал*)

СОБЛАЗНи́ТЬ *сов.* 1) *кого-что* гьира бахъинабизе, гьира ккезабизе, анищ ккезабизе, хьул лъезабизе, хIацIадизабизе 2) *кого (обмануть*) гуккизе (*яс*), хIалимаб мацI бицун гуккизе

СОБЛАЗНи́ТЬСЯ *сов. чем* гьира бахъине, гьира ккезе, анищ ккезе; хIацIадизе

СОБЛАЗНЯ´ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **соблазни´ ть(ся)**

СОБЛЮДА́ТЬ *несов. что* цIунизе, кквезе, дурусго цIунизе, дурусго тIубазабизе; **~ дисципли´ ну** гIадлу цIунизе

СОБЛЮДЕ́НИЕ *с* дурусго тIубай, дурусго цIуни

СОБЛЮСТИ´ *сов. см.* **соблюда́ть**

СОБО́Й (СОБО́Ю) *мест. тв. п. от* **себя´** ◊ **само́ ~ разуме́ется** жиндасанго бичIчIула, щаклъизе бакI гьечIо

СОБОЛЕ́ЗНОВАНИЕ *с* зигара бай, зигара гьаби; **вы´ разить ~** зигара базе

СОБОЛЕ́ЗНОВАТЬ *несов. кому-чему лъиданиги* зигара базе, ургъалилъ, кьварилъиялъулъ гIахьаллъи гьабизе

СОБО́Р *м* 1) (*церковь*) кIудияб килиса 2) *ист.* собор (*некIо Русалда данделъи*)

СОБО́Ю *мест. см.* **собо́й**

СОБРА́НИЕ *с* 1) собрание, данделъи; **о́бщее ~ колхо́зников** колхозчагIазул гIаммаб данделъи 2) (*выборный орган*) *цо щибниги ишалъе* бищараб цо чIараб данделъи; **законода́тельное ~** законал рахъулеб собрание 3) коллекция, *щибниги* гIемераб жо (*данде гьабураб)*; **~ сочине́ний** данде гьарурал асарал; **~ моне́т** гIисингIарцул коллекция

СОБРА́Т *м цощинаб ишалда* цадахъчи, гьалмагъ; **~ по иску́сству** искусствоялъул (маданияталъул) рахъал гьалмагъ

СОБРА́ТЬ *сов.* 1) *кого-что (созвать)* бакIаризе, данде гьабизе; **~ люде́й** гIадамал ракIаризе 2) *что (скопить)* данде бакIаризе, данде гьабизе; **~ мно́го книг** гIемерал тIахьал данде гьаризе 3) *что (снять)* бакIаризе; **~ урожа́й** бачIин бакIаризе 4) *что* бакIаризе, данде гьабизе; **~ све́дения** баянал данде гьаризе 5) *кого-что (снарядить)* нухде, сапаралде хIадур гьавизе, къачIазе; **~ дете́й в шко́лу** лъимал школалде къачIазе 6) (*соединить отдельные части*) дандразе, цолъизаризе **~ все си´ лы** киналго къуватал цолъизаризе

СОБРА́//ТЬСЯ *сов.* 1) (*сойтись*) данделъизе 2) *куда и неопр. (приготовиться)* хIадурлъизе, къачIазе (*нухде, сапаралде*); **~ться в го́сти** гьоболлъухъ ине къачIазе; **он ~лся уе́хать** дов ине хIадурлъана, къачIана 3) данде бакIаризе ◊ **~ться с мы́ слями** пикру бакIа-бахаризе; **~ться с си́ лами** къуват данде гьабизе, хIухьбахъи гьабун, къуват бачIинабизе

СО́БСТВЕННИК *м* бетIергьанчи, *сундулниги* бетIергьанлъи гьабулев чи; ракь-милкалъул бетIергьан

СО́БСТВЕННИЦА *ж* бетIергьанчIужу, *сундулниги* бетIергьанлъи гьабулей гIадан, ракь-милкалъул бетIергьанай гIадан

СО́БСТВЕННИЧЕСКИЙ, -ая, -ое бетIергьанчилъиялъулаб

СО́БСТВЕННО 1. *вводн. сл.* битIун бицани; **он, ~ , прав** битIун бицани, дов витIун вуго; **~ говоря́** битIухъе абуни **2.** *частица* жибго, тIубан; **во́лжскую систе́му составля́ ют ~ Во́лга и ее прито́ки** Волгаялъул системалъун ккола жибго Волга ва гьелде журалел гIорал

СОБСТВЕННОРУ́ ЧНО *нареч.* жиндирго квералъ

СОБСТВЕННОРУ́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое жиндирго квералъ гьабураб; **~ая по́дпись** жиндирго квералъ гьабураб гъолбас

СО́БСТВЕННОСТЬ *ж* 1) бетIергьанлъи, милк; **уничто́жить ча́стную ~ на зе́млю** ракъул бетIергьанлъи тIагIинабизе 2) бетIергьанаб жо, милклъун бугеб жо; **госуда́рственная ~** пачалихъалъул бетIергьанлъи, милк; **ча́стная ~** цо чи бетIергьанаб милк

СО́БСТВЕНН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*принадлежащий кому-чему-л.*) живго бетIергьанаб; **~ый дом** живго бетIергьанаб мина 2) (*свой: свойственный кому-чему-л.*) хасаб; **~ое и́мя** *грам.* хасаб цIар; **~ый вес** жиндаго бугеб цIайи; **~ыми си́лами** жиндирго хIалалъ, къуваталдалъун; **чу́вство ~ого досто́инства** жиндирго напсалъул къимат гьаби, къимат букIин

СОБУТЫ́ ЛЬНИК *м разг.* цадахъ гьекъолдулев чи, шишадул гьалмагъ

СОБЫ́ ТИ//Е *с* лъугьа-бахъин, лъугьа-бахъараб иш; **междунаро́дные ~я** халкъазда гьоркьосел лъугьа-бахъинал

СОБЬЮ́ (СЬ), собьёшь(ся) *и т.д. буд. от* **сби́ ть(ся)**

СОВА́ *ж* руз

СОВА́ТЬ *несов. кого-что разг.* къазабизе, бугIизе; **не суй ру́ки в карма́ны** чвантинир квералъ къазаруге; **~ вёщи в чемода́н** чемоданалъубе къайи бугIизе ◊ **~ нос не в своё де́ло** жиндирго гуреб (кколаре6) ишалда гьоркьове лъугьине

СОВА́ТЬСЯ *несов. разг.* 1) (*вмешиваться*) киве-кивениги ваккаризе; **~ в чужи́е дела́** чияр ишазда гьоркьове жувазе 2) (*лезть куда-л.*) цеве кIанцIизе, цевехъахъдизе; **~ вперёд** цеве кIанцIизе

СОВЕРША́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **соверши́ ть(ся)**

СОВЕРШЕ́ННО *нареч.* миркалъ, цIакъ, кутакалда, унго-унголъун; **~ чёрный** цIакъ чIегIераб; **~ ве́рно** унго-унголъун битIун буго; **~ не ну́жно** миркалъ къваригIун гьечIо

СОВЕРШЕННОЛЕ́ТИ//Е *с* балугъллъи; **дости́гнуть ~я** балугъллъизе, балугъллъиялде вахине

СОВЕРШЕННОЛЕ́ТНИЙ, -яя, -ее *и в знач. сущ. м* балугъллъарав, балугъллъиялде вахарав

СОВЕРШЕ́НН//ЫЙ[1], -ая, -ое 1) (*превосходный*) камилаб, унго-унгояб; **~ая красота́** камилаб берцинлъи 2) тIубараб, щаклъи гьечIеб; миркалъ бугеб; **~ая слепота́** тIубараб бецлъи; **~ая пра́вда** щаклъи гьечIеб хIакъикъат (*ритIухълъи*)

СОВЕРШЕ́ННЫЙ[2]**,** -ая, -ое: **~ вид глагола́** *грам.* глагола-лъул ишалъул тIубай бихьизабулеб форма (*тIубараб ва тIубачIеб глагол*)

СОВЕРШЕ́НСТВ//О *с* камиллъи, камилаб куц; **владе́ть** *чем-л.* **в ~е** камилаб куцалда лъазе

СОВЕРШЕ́НСТВОВАНИЕ *с* **1.** (*по гл.* **соверше́нствовать**) камиллъизаби, лъикI гьаби **2**. (*по гл.* **соверше́нствоваться**) камиллъи, лъикI лъугьин

СОВЕРШЕ́НСТВОВАТЬ *несов. что* камиллъизабизе, лъикI гьабизе; **~ прое́кт** проект камиллъизабизе

СОВЕРШЕ́НСТВОВАТЬСЯ *несов.* камиллъизе, лъикI лъугьине; **~ в игре́ на фортепья́ но** фортепьяно бачиналъе (*хъваялъе*) махшел камиллъизе

СОВЕРШИ́ ТЬ *сов. что* гьабизе; **~ по́двиг** бахIарчилъи, гьунар гьабизе; **~ сде́лку** къотIи гьабизе (*дармил*); **~ преступле́ние** такъсирияб иш гьабизе

СОВЕРШЙ//ТЬСЯ *сов.* лъугьине, ккезе; **~лось ва́жное собы́тие** кIвар бугеб лъугьа-бахъин ккана

СО́ВЕСТИТЬ *несов. кого разг. (стыдить)* нечезавизе, намуслъизавизе, яхI гъезе

СО́ВЕСТИ//ТЬСЯ *несов. кого-чего и с неопр. разг.* намусалъ къабул гьабунгутIизе, намуслъизе; нечезе, яхI ккезе; **он ~тся проси́ ть де́нег** дов гIарац гьаризе нечола, намуслъула

СО́ВЕСТЛИВЫЙ, -ая, -ое намус бугев, намусалда рекъон гурони щибниги гьабуларев

СО́ВЕСТНО *в знач. сказ. безл.* нич буго, намус буго; **как вам не ~!** намус гьечIищ дуда!

СО́ВЕСТ//Ь *ж* нич, намус, яхI-намус; **лю́ди с чи́стой ~ью** яхI-намус бацIцIадал гIадамал ◊ **без зазре́ния ~и** нич-намус гьечIого; **по ~и говоря́** битIахъе (*намус бацIцIадго*) бицани; **он не име́ет ни стыда́, ни ~и** нич-намус гьечIо досда

СОВЕ́Т *м* 1) гIакълу, малълъи, маслихIат, гIакълу дандбай; **дать ~** гIакълу кьезе 2) (*совещание*) ракIари, данделъи; **семе́йный ~** хъизамалъул гIакълу дандбазе, ургъизе ракIарараб данделъи

СОВЕ́ТНИК *м* 1) гIакълучи, гIакълу кьолев чи, маслихIатаб нух бихьизабулев чи 2) советник (*цо-цо хъулухъазда цIар*); **~ посо́льства** посольствоялъул советник (*гIакълучи*)

СОВЕ́ТОВАТЬ *несов. кому-чему с неопр.* гIакълу кьезе; цIодор гьавизе, маслихIатаб жо бицине

СОВЕ́ТОВАТЬСЯ *несов. с. кем* гIакълу дандбазе; **~ с друзья́ми** гьудулзабазда гIакълу дандбазе

СОВЕ́ТЧИК *м* гIакълу кьолев чи

СОВЕ́ТЧИЦА *ж* гIакълу кьолей гIадан

СОВЕЩА́НИЕ *с* совещание, данделъи, *(кинаб бугониги масъала гьоркьоб лъун, гIакълу ургъизе гьабулеб данделъи*)

СОВЕЩА́ТЕЛЬНЫЙ, -ая,-ое 1) *кинаб бугониги* суал гьоркьоб лъолелъул, гIахьаллъизе ихтияр бугев, амма тIубазабизе ихтияр гьечIев 2) совещаниязе бугеб *(рукъ)*

СОВЕЩА́ТЬСЯ *несов.* гIакълу дандбазе, мушавара гьабизе, совещание гьабизе

СОВЛАДА́ТЬ *сов. с кем-чем разг.* гIодобе буссинабизе; **~ с гне́вом** щцин гIодобе буссинабизе; **~ с собо́й** живго вакIаризе кIвезе

СОВЛАДЕ́ЛЕЦ *м* цадахъ бетIергьанлъи гьабулев чи, гIахьал бетIергьанлъи гьабулев чи

СОВМЕСТИ́МОСТЬ *ж* цадахъ рукIине бугеб рес, цадахъ рукIине бегьи

СОВМЕСТИ́ МЫЙ, -ая. -ое (*цойида*) цадахъ букIине рес бугеб, цадахъ букIине бегьулеб

СОВМЕСТИ́ ТЕЛЬСТВ//О *с* харж щолеб кIиго хIалтIи цадахъ бачин (*цого идараялда яги батIи-батIияб бакIалда*); **рабо́тать по ~у** цоги бакIалда хIалтIзе (хъулухъ гьабизе)

СОВМЕСТИ́ ТЬ(СЯ) *сов. см.* **совмеща́ть(ся)**

СОВМЕ́СТНО *нареч.* цадахъ

СОВМЕ́СТН//ЫЙ, -ая, -ое цадахъаб **~ое обуче́ние** цадахъ цIалдезари (*масала, васалги ясалги*); **~ая рабо́та** цадахъаб хIалтIи, цадахъ гьабулеб хIалтIи

СОВМЕЩА́ТЬ *несов. что* цадахъ гьабизе; цого заманалдаса цо чиясулъ, предметалда, лъугьа-бахъиналда цолъизабизе; **~ две до́лжности** кIиго хIалтIи цадахъ гьабизе

СОВМЕЩА́ТЬСЯ *несов.* цолъун букIине; цого заманалда цо чиясулъ, предметалда, лъугьа-бахъиналда цолъун букIине

СОВМЕЩЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **совмеща́ть**) цадахъ гьаби, цолъи **2**. (*по гл.* **совмеща́ться**) цадахъ гьабулеб букIин, цолъун букIин

СОВО́К *м* рахъубахъ

СОВОКУПИ́ ТЬ *сов.* цолъизабизе, цойиде бакIаризе

СОВОКУПИ́ТЬСЯ *сов.* 1) цолъизе, цолъун букIине 2) цолъизе (*бихьинабги цIуябги*)

СОВОКУПЛЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **совокупи́ ть**) цолъи, цолъун букIин; (*по гл.* **совокупи́ ть**) цолъизаби, цойиде бакIари

СОВОКУ́ПНОСТ//Ь *ж* цойиде бакIари; **~ усло́вий** киналго шартIал цойиде ракIари; **всё в ~и** кинабго бакIарун, цадахъ; **~ при́ знаков** киналго данде росарал гIаламатазул къадар

СОВОКУ́ПН//ЫЙ, -ая, -ое цолъизабураб, цадахъаб, гIахьалаб; **~ ые усилия** цолъарал къуватал

СОВПАДА́ТЬ *несов. см.* **совпа́сть**

СОВПАДЕ́НИЕ *с* 1) цадахъ ккей 2) дандеккей (*масала, кIигояс бицараб жо*)

СОВПА́//СТЬ *сов.* 1) *с чем* цого заманалда ккезе; цадахъ ккезе 2) битIун данде ккезе, дурусго данде ккезе; **на́ши мне́ния ~ли** нилъер пикраби дурусго данде ккана

СОВРАТИ́ ТЬ *сов. кого* къосинавизе, мекъса ккезавизе; битIараб нухдаса итизавизе; битIараб нухдаса таризавизе

СОВРА́ТЬ *сов. разг.* гьереси бицине

СОВРАЩА́ТЬ *несов. см.* **соврати́ ть**

СОВРЕМЕ́ННИК *м* цого заманалда гIумру гьабурав, гьабулев чи чи, *лъилниги-сундулниги* заманалда гIумру гьабурав чи; **~ Пу́шкина** Пушкинил заманалда вукIарав чи

СОВРЕМЕ́ННИЦА *ж* цого заманалда гIумру гьабурай гIадан, *лъилниги – сундулниги* заманалда гIумру гьабурай гIадан

СОВРЕМЕ́ННОСТЬ *ж* 1) жакъасеб заман, гьаб сагIаталъулаб заман 2) жакъа къоялъулаб дуниял, жакъасеб хIакъикъат, иш

СОВРЕМЕ́НН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*относящийся к настоящему времени*) гьанжесеб заманалъул, жакъасеб, гьабсагIат бугеб; **~ая литерату́ра** жакъасеб литература; **~ая жизнь** гьанжесеб гIумру; 2) (*относящийся к одному времени с кем-чем-л.*) заман цояб, цохIого заманалда бугеб, цого заманалда жаниб букIараб; **~ые Пу́шкину поэ́ ты** Пушкинил заманалда рукIарал поэтал

СОВСЕ́М *нареч.* 1) (*совершенно, вполне, вовсе*) тIубан, кинго, миркалъ; **он ~ молодо́й** дов тIубан гIолохъанав вуго; **~ пропа́л** миркалъ гIадада хвана; **он ~ не жела́ет** досие кинго бокьун гьечIо; **он ~ не го́рдый** дов расги гIамал кIудияв гьечIо

СОВХО́З *м* совхоз

СОВХО́ЗН//ЫЙ, -ая, -ое совхозияб, совхозалъул, совхоза-лъулаб, совхозазулаб; **~ое хозя́йство** совхозалъул магIишат

СОГЛА́СИ//Е *с* 1) (*утвердительный ответ*) разилъи; рекъей, изну; **дать ~е** разилъизе, изну кьезе 2) (*единомыслие, единодушие*) рекъа-решей, рагIи данде ккей; **в семье́ царит ~е** хъизаналда рагIи данде ккун буго (дандеккеялъ ханлъи гьабун буго); **прийти́ к ~ю** рекъелалде, разилъиялде рачIине, рагIи данде ккезе

СОГЛАСИ́ //ТЬСЯ *сов.* 1) *на что и с неопр.* разилъизе, рекъезе; **~и́ ться на опера́цию** операция гьабизе разилъизе 2) *с кем-чем* тIад рекъезе; **они́ ~лись со мной** гьол дида тIад рекъана 3) рагIи рекъа-решон букIине; **~лись рабо́тать вме́сте** цадахъ хIалтIизе къотIи-къай гьабуна, разилъана

СОГЛА́СНО 1. *предлог с дат. п. или с предлогом* **«с»** *с тв. п. (соответственно, сообразно)* рекъон; **~ зако́ну** законалда рекъон **2.** *нареч. (дружно)* рекъон, данде кколедухъ; **жить ~** рекъа-решон рукIине

СОГЛА́С//НЫЙ[1], -ая, -ое *на что, с кем-чем* 1) разияв; **я ~ен на все усло́вия** дун разияв вуго киналго шартIазда; **я с тобо́й не ~ен** дун дуда разияв гьечIо 2) рекъа-решараб; **~ая семья́** рекъараб, рекъа-решараб хъизан

СОГЛА́СНЫЙ[2], -ая, -ое *лингв.* **1.: ~ звук** рагьукъаб гьаракь **2**. *в знач. сущ.*; ~ разияв

СОГЛАСОВА́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **согласова́ть**) рекъезаби, рекъей **2**. (*по гл.* **согласова́ться**) дандеккей, рекъон букIин, рекъонккей **3.** *грам.* рекъонккей

СОГЛАСОВА́ТЬ *сов.* 1) *что с кем-чем лъилгунниги* гIакълу дандбазе, разилъи босизе; **~ вопро́с с дире́ктором** директорасулгун суал дандбазе 2) *что (привести в соответствие*) цоцалъ рекъезабизе; **~ расписа́ние** *с чем-л.* расписание рекъезабизе (*сунданиги*) 3) *что с чем грам.* рекъезабизе (*формаялъулъ, рикIкIеналъулъ ва гь. ц*)

СОГЛАС//ОВА́ТЬСЯ *сов. и несов. с чем* 1) рекъезе, данде ккезе, рекъон букIине, рекъон ккезе; **э́то реше́ние не ~у́ется с пре́жним** гьаб хIукму цебе гьабуралда данде кколаро 2) *грам.* рекъон букIине, рекъезе; **прилага́тельное ~у́ется с существи́тельным** прилагательное предметияб цIаргун рекъон ккола (*жинсалъулъ, формаялъулъ)*

СОГЛАСО́ВЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **согласова́ть(ся)**

СОГЛАША́ТЕЛЬ *м* жиндирго пикру гьечIев, ахIвал-хIалалда рекъон хьвадулев, цогидазе нух толев, сундаго тIад рекъолев чи

СОГЛАША́ТЕЛЬСК//ИЙ, -ая, -ое *полит.* маслихIатчилъи-ялъулаб; **~ая поли́ тика** маслихIатчилъиялъулаб политика

СОГЛАША́ТЬСЯ *несов. см.* **согласи́ ться**

СОГЛАШЕ́НИ//Е *с* 1) (*согласие*) данде ккезаби, рекъезаби; **прийти́ к ~ю** разилъизе, рагIи данде ккезе 2) рекъей, тIадрекъей 3) къотIи, къотIи-къай; **заключи́ть ~е** къотIи-къай гьабизе; **торго́вое ~е** дармилаб къотIи-къай; **междунаро́дные ~я** халкъазда гьоркьосел къотIаби

СОГЛЯДА́ТАЙ *м* лъиданиги балъго хадуб хал ккурав чи, жасус

СОГНА́ТЬ *сов. кого-что* 1) (*прогнать*) нахъе гъезе, бачахъизе; **~ му́ху** тIутI бачахъизе 2) (*в одно место*) хъамун, рацIун рачун данде гьаризе (*боцIи*) 3) (*уволить, прогнать*) нахъе гъезе, нахъе рехизе ◊ **~ ли́ шний вес** тIокIаб цIайи тIаса рехизе

СОГНУ́ //ТЬ *сов.* 1) *что* гьетIизабизе; **~ть про́волоку** маххул квар гьетIизабизе 2) *кого-что (сгорбить)* къулизабизе 3) *кого перен. (сломить силу, стойкость)* чучизавизе, векизавизе, къуркьизавизе ◊ **~ть** *кого-л.* **в бара́ний рог** тIубанго къуркьизавизе, квершаликье вачине, чучизавизе, векизавизе

СОГНУ́ТЬСЯ *сов.* 1) (*стать изогнутым*) гьетIизе 2) (*сгорбиться*) къулизе

СОГРЕВА́НИЕ *с* 1) (*по гл.* **согре́ть**) хинлъизаби, бахьизаби, бухIизаби 2) (*по гл.* **согре́ться**) хинлъи, бахьи, бухIи

СОГРЕВА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **согре́ть(ся)**

СОГРЕ́ТЬ *сов.* 1) *кого-что* хинлъизабизе, гIетIизабизе; бахьизабизе, бухIизабизе 2) *перен.* ракI хIайран гьабизе, вохизавизе; ракI паракъат гьабизе

СОГРЕ́ТЬСЯ *сов.* хинлъизе, гIетIизе, бахьизе, бухIизе

СОГРЕШИ́ ТЬ *сов. рел.* мунагь гьабизе, мунагьаб иш гьабизе

СО́ДА *ж* сода

СОДЕ́ЙСТВИЕ *с* кумек; **оказа́ть ~** кумек гьабизе, квер чIвазе

СОДЕ́ЙСТВОВАТЬ *сов. и несов. кому-чему* кумек гьабизе, квер чIвазе

СОДЕРЖА́НИ//Е *с* 1) (*по гл.***содержа́ть**) цIуни, чIезаби; **~е до́ма в чистоте́** рукъ бацIцIадго чIезаби 2) (*ождивение*) хьихьи; **быть** *на чьем-л.* **~и** *лъилниги* напакъаялда вукIине, *лъицаниги* хьихьизе; **~е семьи́** хъизан хьихьи 3) (*тема*) жаниб бугеб жо, магIна, хIасил; **~е письма́** кагътил хIасил, гьелда жаниб бугеб жо, магIна 4) хIалтIизаби, бетIергьанлъи гьаби (*кинаб бугониги предприятие, иш*) 5) (*количество чего-л. в чем-л.*) *сундулъниги бугеб жоялъул* къадар; **~е са́хара в свёкле** чIакIултIаналъулъ чакара-лъул къадар

СОДЕРЖА́ТЕЛЬНОСТЬ *ж* лъикIаб магIна букIин, лъикIаб хIасил-мурад букIин

СОДЕРЖА́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое лъикIаб магIна бугеб, магIнаяб, лъикIаб хIасил-мурад бугеб; **~ докла́д** лъикIаб хIасил, магIна бугеб доклад, магIнаяб доклад

СОДЕРЖА́//ТЬ *несов.* 1) *кого-что* хьихьизе; **~ семью́** хъизан хьихьизе 2) *кого-что (в каком-л. помещении*) жанив чIезавизе, тIамизе; **~ в тюрьме́** туснахъалъув тIамун чIезавизе; **~ в хлеву́** бокьоб тун хьихьизе; **~ до́ма** рокъов тун хьихьизе 3) *кого-что (в каком-л. виде)* цIунизе; **~ в чистоте́** бацIцIадго цIунизе (*чIезабизе*) 4) хIалтIизабизе, бетIергьанлъи гьабизе; **он ~л постоя́лый двор** дос петер хIалтIизабулаан 5) *что (заключить в себе)* бу-кIине (*сундулъниги щибниги жо*); **о́вощи ~т витами́ ны** овощазулъ витаминал руго

СОДЕРЖА́ТЬСЯ *несов.* 1) (*находиться*) букIине 2) *в чем (в каком-л. виде)* цIунун букIине; **содержа́ться в чистоте́** ба-цIцIадго цIунун букIине 3) (*заключаться внутри)* букIине; **в свёкле соде́ржится большо́е коли́ чество са́хара** чIакIултIаналъулъ кIудияб къадаралда чакар буго 4) хьихьун рукIине; **студе́нты–стипендиа́ты соде́ржатся за счет госуда́рства** стипендия щолел студентал пачалихъалъул гIарцудасан хьихьула

СОДЕРЖИ́МОЕ *с сунданиги* жаниб бугеб жо; **~ буты́ лки** шишаялда жаниб бугеб жо (*пиво, чагъир*)

СО́ДОВ//ЫЙ, -ая, -ое содаялъул, сода гьабулеб; сода гьорлъ бугеб; **~ ый заво́д** сода гьабулеб завод; **~ая вода́** содаялъул (*сода гьорлъ бугеб)* лъим

СОДОКЛА́Д *м* содоклад (*аслияб докладалда тIаде гьебго масъалаялъул хIакъалъулъ гьабулеб цоги доклад*)

СОДОКЛА́ДЧИК *м* содокладчик, содоклад гьабулев чи

СОДО́М *м разг.* квешаб хъуй, гъалмагъир, низам биххи, кIудияб бада-гъудур

СОДРА́ТЬ *сов. что* 1) ччукIизе, бахъизе; ~ **шку́ру** тIом ччукIизе, цIоко бахъизе 2) *перен. прост. (взять высокую цену)* ветIизе, хIулизе, вазавизе

СОДРОГА́НИЕ *с* (*по гл.* **содрогну́ться**) сорой, гъаргъар щвей, сороди, тIеркIей

СОДРОГА́ТЬСЯ *несов. см.* **содрогну́ться**

СОДРОГНУ́ТЬСЯ *сов.* тIеркIезе лъугьине, тIуркIизе, сорозе; сородизе, гъаргъар щвезе

СОДРУ´ ЖЕСТВО *с* гьудуллъи, гьудуллъиялда цадахъ рукIин; ~ **нарóдов** халкъазул гьудуллъи

СÓЕВ//ЫЙ, -ая, -ое соядул, соядул гьабураб; **~ое мáсло** соядул нах

СОЕДИНЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **соедини́ ть**) цолъизаби, жубазаби **2**. (*по гл.* **соедини́ться**) цолъи, жубай **3**. (*место*) цолъизабураб бакI, рекIинабураб бакI, дандбараб бакI **4**. *воен. (дивизия, корпус)* соединение (*чанго бодул къукъа цолъизабураб гIуцIи*) **5.** *хим.* цолъи, жубай

СОЕДИНЁНН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*объединённый*) цолъизабураб, цоцаде жубараб 2) (*скреплённый, привязанный друг к другу*) цоцада бацIцIун, цолъизабураб, цоцада рекIинабураб

СОЕДИНИ́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое цолъизабулеб, цоцада щулалъизабулеб; ~ **сою́ з** *грам.* цолъизабиялъул союз

СОЕДИНИ́ТЬ *сов.* 1) *кого-что* цолъизабизе, жубазабизе; ~ **две гру́ппы** кIиго къокъа (группа) жубазабизе 2) *что (связать вместе)* цоцалъ рухьине, бухьине; ~ **концы́ верёвки** кварил кIалал цоцалъ рухьине 3) *кого-что с кем-чем (установить связь*) бухьен гьабизе 4) *что с чем (сочетать)* цадахъ гьабизе; ~ **рабóту с учёбой** цIалиги хIалтIиги цадахъ гьабизе

СОЕДИНИ́ТЬСЯ *сов.* 1) цолъизе, жубазе 2) (*скрепиться)* щулалъизе, бухьун букIине 3) (*установить связь)* бухьен ккезе, бухьен лъугьине

СОЕДИНЯ´ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **соедини́ ть(ся)**

СОЖАЛЕ́НИ//Е *с* 1) *о ком-чем-л.* пашманлъи, рекIел гурхIел; рекIекълъи; **вы́ разить своё ~ по пóводу** *чего-л. сундулниги* хIакъалъулъ жиндир рекIекълъи загьир гьабизе 2) (*жалость*) гурхIи, ракI гурхIи ◊ **к ~ю** гIайиб гурищха; **к ~ю, я не могу́** кигIан бокьаниги, дир рес гьечIо (дихъа бажаруларо)

СОЖАЛЕ́//ТЬ *несов. о ком-чем и с союзом* **«что»** пашманлъизе, рекIекълъизе, рекIее бокьунгутIизе; **~ю, что не могу́ помóчь вам** дуе кумек гьабизе кIолеб гьечIелъул, рекIекълъулев вуго

СОЖГУ´ , сожжешь *и т.д. буд. от* **сжечь**

СОЖЖЕ́НИЕ *с* бухIи, бухIизаби

СОЖИ́ТЕЛЬ *м лъиданиги* цадахъ цо рокъоб гIумру гьабулев чи; кьайицадахъ, вега- вахъун цадахъ вугев чи *(йокьулейгун)*

СОЖИ́ТЕЛЬСТВО *с (совместная жизнь) уст.* цадахъ бетIербахъи гьаби, кьайицадахълъи 2) (*любовные отношения)* регарахъун цадахъ рукIин

СОЖМУ´ , сожмёшь *и т.д. буд. от* **сжать**[1]

СОЖНУ´ , сожнёшь *и т.д. буд. от* **сжать**[2]

СОЖРА́ТЬ *сов. что груб.* ургьибе бугIизе, хъантIун кванан лъугIизабизе

СОЗВА́ТЬ *сов.* 1) *кого (пригласить, собрать)* данде ракIаризе, ахIун данде гьаризе; ~ **гостéй** гьалбал ахIизе 2) *кого-что (организовать*) бакIаризе, ахIизе; ~ **конферéнцию** конференция ахIизе

СОЗВЕ́ЗДИЕ *с астр.* цо цIар лъураб цо чанго цIвабзазул группа

СОЗВОНИ´ ТЬСЯ *сов. разг.* цоцаде телефоналъ кIалъазе

СОЗВУ́ЧИЕ *с муз.* гьаракь рекъей (*кIиго-лъабго батIияб*); бакъан рекъей

СОЗВУ´ ЧНЫЙ, -ая, -ое 1) *муз.* гьаркьал цоцазда рекъон ккараб, цоцалъ гьаракь рекъараб 2) *перен. (вполне соответствующий*) бакъан рекъараб; тIубанго данде кколеб

СОЗДАВА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **созда́ть(ся)**

СОЗДА́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **созда́ть**) лъугьинаби, ккезаби, букIинаби, бижизаби; ~ **нóвых форм жи́ зни** яшавалъул цIиял формаби рижизари, лъугьинари, рукIинари **2**. (*произведение*) лъугьинабураб, бижизабураб жо **3**. *разг. (существо)* инсан

СОЗДА́ТЕЛЬ *м* 1) бижизабурав чи, букIинабурав, гьабурав, лъугьинабурав чи 2) *рел.* халкъ бижарав чи, гIалам бижарав чи, Аллагь

СОЗДА́ТЕЛЬНИЦА *ж* бижизабурай гIадан, букIинабурай, гьабурай, лъугьинабурай гIадан

СОЗДА́ТЬ *сов.кого-что* ккезабизе, лъугьинабизе, букIинабизе, бижизабизе; гIуцIизе, гьабизе; ~ **услóвия** шартIал рукIинаризе, чIезаризе; ~ **госуда́рство** (*сформировать*) пачалихъ гIу-цIизе

СОЗДА́//ТЬСЯ *сов. (возникнуть)* лъугьине, ккезе, бижизе, букIине; **~лось впечатлéние** асар лъугьана; ~ **лось мнéние** пикру бижана

СОЗЕРЦА́ТЬ *несов.* бала-гьалагьизе, хал ккезе; ракIалъ пикруялъ цебе чIезабизе

СОЗИДА́НИ//Е *с* (*по гл.* **созида́ть**) лъугьинаби, ккезаби, букIинаби, бижизаби, гIуцIи

СОЗИДА́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое бижизабиялда бухьараб, гIуцIиялда бараб

СОЗИДА́ТЬ *несов. что* ккезабизе, лъугьинабизе, букIинабизе, бижизабизе; гIуцIизе, гьабизе

СОЗНАВА́ТЬ *несов. что* лъазе, бичIчIизе; ~ **свою´ оши́бку** жиндирго гьалатI бичIчIизе; **ребёнок на́чал ~ окружа́ющее** лъимада свера-хъерун бугеб жо бичIчIизе байбихьана

СОЗНАВА́ТЬСЯ *несов. см.* **созна́ться**

СОЗНА́НИ//Е *с* 1) щибниги жоялъул хIакъикъат, магIна лъай; бичIчIун лъай; **~е своéй вины́** жиндирго гIайиб бичIчIи 2) пикру бичIчIи, лъай; **~е нелóвкости ска́занного** абураб жоялъул къагIида гьечIолъи лъай, бичIчIи 3) лъавуда вукIин; **лежа́ть без ~я** лъавудаса ун вегизе; **прийти́ в ~е** лъавуде вачIине 4) *филос.* сознание (тIадегIанаб, цохIо инсанасе хасиятаб сверухъе бугеб дунял бичIчIи, гьелъие къимат кьун бажари)

СОЗНА́ТЕЛЬНО *нареч.* ургъунго, лъалаго, лъан; бичIчIун; ~ **относи́ться к свои́м обя́занностям** жиндирго тIадал ишазде бичIчIи бугеб бербалагьи гьабизе

СОЗНА́ТЕЛЬНОСТЬ *ж* 1) бичIчIи буголъи; **прояви́ть** ~ бичIчIи буголъи бихьизабизе 2) хIакъикъат битIун бичIчIизе кIвей

СОЗНА́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*обладающий сознанием*) гIакълу, лъай, бичIчI бугев 2) хIакъикъат, магIна лъалев; **~ое отноше́ние** хIакъикъияб, бичIчIи бугеб бербалагьи 3) (*преднамеренный*) ургъунго, лъалаго гьабураб; **~ый обма́н** ургъунго, лъалаго гьабураб хIарам

СОЗНА́ТЬ *сов. см.* **сознава́ть**

СОЗНА́ТЬСЯ *сов. кому в чем* мукIурлъизе, жиндирго гIайибалъе мукIурлъизе; ~ **в своéй оши́бке** жиндирго гьалатIалъе мукIурлъизе; **престу́пник созна́лся** такъсирчи мукIурлъана

СОЗРЕВА́НИЕ *с* (*по гл.* **созрева́ть**) 1) барщи (*бижараб жо*) 2) *перен.* балугъалъи, цIубай; щвалде щвей

СОЗРЕВА́ТЬ *несов. см.* **созре́ть**

СОЗРЕ́ВШИЙ, -ая, -ее 1) барщараб (*пихъ, тIорщел*) 2) *перен.* балугъалъараб, щвалде щвараб

СОЗРЕ́//ТЬ *сов.* 1) барщизе *(пихъ, тIорщел),* цIубазе; **гру́ши ~ли** гени барщана, гени барщун буго 2) (*о человеке)* балугъалъизе, щвалде щвезе

СОЗЫ´ В *м* данде ракIари, данде ахIи (*цо бакIалде*); **~ съе́зда** съезд ахIи

СОЗЫВА́ТЬ *несов. см.* **созва́ть**

СОИЗВО́ЛИТЬ *сов. с неопр. ирон.* бокьун букIин лъазабизе; изну кьезе

СОИЗМЕРИ́М//ЫЙ, -ая, -ое 1) цого роцада борцине бегьулеб; цого къагIидаялда борцине бегьулеб 2) *перен.* цоцада аскIобе бачине бегьулеб; данде кквезе бегьулеб; **~ые поня́тия** данде кквезе бегьулел пикраби

СОИСКА́НИЕ *с* жиндиего хIалтIи, цIар, шапакъат… щвезелъун, кибениги кьей; цIар балагьи; **диссерта́ция на ~ учёной сте́пени** гIелмияб даража (*цIар*) щвезе хъвараб диссертация

СОЙТИ´ *сов.* 1) *с чего* гъоркье лъугьине, рештIине; ~ **с лéстницы** молодухъа гъоркье лъугьине 2) *с чего* гъоркье рещ-тIине, рещтIине; ~ **с пóезда** поездалдаса гъоркье рещтIине; ~ **с коня́** чодаса рещтIине 3) *с чего* нахъе вилълъине; ~ **с доро́ги** нухдаса нахъе ине, вилълъине 4) *с чего* борчIизе; **ши́на сошла́ с колеса́**

шина гьакибералдаса борчIун буго 5) *с чего* тIаса ине; **с обожжённого ме́ста сошла́ ко́жа** бухIараб бакIалдаса хъал ун буго (*хъал рехун буго)* 6) *за кого-что разг.* щивлъуннигни рикIкIи-не; **он сойдёт за молодо́го** гьев гIолохъанав вугилан рикIкIина 7) бегьизе; **и так сойдёт** гьадинги бегьула ◊ **~ в моги́лу** хвезе; **~ с ума́** гIадаллъизе; **~ со сце́ны** театр тезе; **всё сошло́ хорошо́** кинабго цIакъ лъикI, бигьаго тIаса ана

СОЙТИ́ СЬ *сов.* 1) (*собраться*) данделъизе (*бакI-бакIалдаса рачIун*); **~ на пло́щади** байданалда данделъизе 2) (*встретиться*) дандчIвазе, цадахъ ккезе; **друзья́ сошли́ сь** гьудулзаби дандчIвана 3) *перен. с кем (подружиться)* гIагарлъизе, гьудуллъи ккезе; 4) *перен. в чем, на чем, чём (совпасть)* пикру, гIакълу данде ккезе (*лъилгунниги); ~* **во мне́ниях** пикраби данде ккезе; **не ~ хара́ктерами** хасият данде ккунгутIизе 5) нухтIа ккезе, тIубазе (*кIалъа-ралъан хадуб*) 6)данде ккезе (*кIигояс бищараб жо, хIасилал)*

СОК *м* (*сундулниги, сунданиги гъорлъ бугеб)* лъим, тIокIкIел, сок; **виногра́дный ~** цIолбол лъим, сок ◊ **вари́ ться в со́бственном ~ý** жиндирго гIабилалда жанив къан вукIине, живго жиндиего гIун вукIине; **в по́лном ~ý** битIун завалалда; **вы́ жать все ~и** (*из кого-л.*) рахIму-гурхIел тун хIалтIизе тIамизе, чияр гъийин кваназе

СО́КОЛ *м* лачен ◊ **гол как ~** цIакъ мискинго вуго (*хIулараб гIанкIу гIадин вуго*)

СОКРАТИ́ТЬ *сов.* 1) *что (укоротить)* къокълъизабизе, къокъ гьабизе 2) *что (уменьшить)* дагьлъизабизе, гьитIин гьабизе; **~ расхо́ды** харжал дагьлъизаризе 3) *кого (уволить)* хъулу-хъалдаса эркен гьавизе, нахъе витIизе 4) *мат.* тIаса бахъизе

СОКРАТИ́ //ТЬСЯ *сов.* 1) (*стать короче*) къокълъизе; **расстоя́ние ~лось** манзил къокълъана 2) (*уменьшиться*) дагьлъизе; **за́работок ~лся** мухь, харж дагьлъана

СОКРАЩА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **сократи́ ть(ся)**

СОКРАЩЕ́НИ//Е *с* **1.** (*по гл.* **сократи́ть**) къокълъизаби, къокъ гьаби; дагьлъизаби; **~е пути́** нух къокълъизаби; **~е рабо́чего вре́мени** хIалтIул заман дагьлъизаби **2**. (*по гл.* **сократи́ -ться**) (*укорочение*) къокълъи, (*уменьшение*) дагьлъи **3**. (*сокращенное обозначение*) къокъ гьабураб жо; къокъ гьабун бихьизаби 4. (*пропуск в тексте)* гьоркьоб тей, гьоркьоб биччай; **пье́са идёт с ~ями** пьеса гьоркьоб тун (къокъ гьабун) бихьизабулеб буго

СОКРАЩЁННО *нареч.* къокъ гьабун, къокъго; **написа́ть ~** къокъго, къокъ гьабун хъвазе

СОКРАЩЁННЫЙ, -ая, -ое къокълъизабураб, къокъ гьабураб; дагьлъизабураб; **~ рабо́чий день** къокъ гьабураб (*къокъаб)* хIалтIул къо

СОКРОВЕ́НН//ЫЙ, -ая, -ое рекIелъ бахчараб, балъгого цIунараб; **~ые мечты́** балъгоял анищал

СОКРО́ВИЩ//Е *с* 1) *мн.* **~а** (*драгоценности*) хазина; къимат бугеб, хириябщинаб жо; **несме́тные ~а** рикIкIун (*хIисаб гьабун*) бажарулареб бечелъи 2) *мн.* **~а** (*богатства земных недр*) ракьулъ ругел магIданал 3) *перен.разг. (о человеке)* хазина, месед; **ты моё ~е!** мун дир хазина! ◊ **ни за каки́е ~а** щиб кьуниги, кинаб бечелъи кьуниги

СОКРУША́ТЬ *несов. см.* **сокруши́ ть**

СОКРУША́ТЬСЯ *несов. о ком-чем* кутакалда пашманлъизе, къварилъизе

СОКРУШИ́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое хараблъизабулеб, гьалаг-лъизабулеб, тIагIинабулеб; **~ уда́р** щущазабулеб кьаби

СОКРУШИ́ ТЬ *сов.* 1) *кого-что (уничтожить)* тIагIинабизе, биххизабизе, гьалаг гьабизе 2) пашман гьабизе, ургъалилъе ккезабизе; **э́то изве́стие сокруши́ло его́** гьеб хабаралъ дов ургъалилъе ккезавуна

СОКРЫ́ ТИЕ *с* балъго гьаби, бахчи

СОКРЫ́ ТЬ *сов.* балъго гьабизе, бахчизе

СОЛГА́ТЬ *сов. без доп.* гьереси бицине

СОЛДА́Т *м* солдат

СОЛДА́ТКА *ж* солдатлъуде рос арай чIужу, солдатасул чIужу

СОЛДА́ТСК//ИЙ, -ая, -ое солдатасул, солдатазул; **~ ая фо́рма** солдат форма

СОЛЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **соли́ ть**) 1) цIамулъ (цIамул лъелъ) лъей 2) цебеккунго цIамулъ лъураб жо (*капуста, охцерал …*)

СОЛЁН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*содержащий соль*) гъорлъ цIан бугеб, цIамхIалаб; **~ое о́зеро** цIамхIалаб хIор 2) (*приправленный солью*) цIан щвараб; **~ый суп** цIамхIалаб чурпа 3) (*засоленный впрок) (нахърателалъе)* цIамулъ, туридулъ лъураб; **~ые огурцы́** цIамулъ лъурал охцерал 4) *перен. разг. (грубый, непристойный)*: **~ый анекдо́т** чорокаб, санагIалъи гьечIеб анекдот

СОЛЕ́НЬЯ *мн.* (*ед.* **соле́нье** *с*) цIамулъе бараб жо (*охцер, помидор ва ц.*), цIамул лъелъе бараб охцер, помидор

СОЛИДА́РНОСТЬ *ж* **1.** тIадрекъей, пикруялъулъ цолъи, пикруялъул рахъ кквей **2**. цадахъаб жавабчилъи

СОЛИДА́РНЫЙ, -ая, -ое тIадрекъолев, пикруялъул рахъ ккурав; **я с ва́ми солида́рен** дун дуда тIад рекъола

СОЛИ́ ДНОСТЬ *ж* кьучI бугольи, щулалъи

СОЛИ́ДН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*прочный*) кьучI бугеб, щулияб, къвакIараб; лъикI гьабураб; **~ое сооруже́ние** щулияб бараб бакI, гIимарат 2) (*серьезный, представительный*) кIудияв, къадру бугев; **~ый челове́к** къадру бугев чи; **~ый учёный** кIудияв гIалимчи 3) *разг. (значительный)* лъикIаланаб къадаралъул, гIемераб, кIудияб; **~ая су́мма** лъикIаланго гIемераб гIарац ◊ **в ~ом во́зрасте** гIолохъанлъудаса араб ригьалда

СОЛИ́ СТ *м* солист (*живго цохIо кечI ахIизе, кьурдизе, щибниги бачине вахъунев чи, артист*)

СОЛИСТКА *ж* солистка

СОЛИТЁР *м* (*буртIиналда лъураб*) кIудияб бриллиант

СОЛИ́ТЬ *несов. что* 1) цIамулъ лъезе; **~ огурцы́** охцер цIамулъ лъезе, цIамул лъелъе базе 2) цIан базе (*кванилъе*); **~ суп** чурпадулъе цIан базе

СО́ЛКА *ж* (*по гл.* **соли́ ть**) цIамулъ лъей, цIамулъе бай

СО́ЛНЕЧН//ЫЙ, -ая, -ое 1) бакъул; **~ый свет** бакъул канлъи 2) бакъулаб, бакъ бугеб; **~ый день** бакъ бугеб (бакъулаб) къо ◊ **~ый уда́р** бакъ ргIи, ботIрода бакъ бухIун гIадалнахалъул хIалтIи хвезаби

СО́ЛНЦ//Е *с* бакъ; **~е взошло́** бакъ баккана; **~ зашло́** бакъ тIерхъана; **на ~е** бакъалда; **до восхо́да ~а** бакъ баккизегIан, бакъ баккилалде

СОЛНЦЕПЁК *м* бакълъи, бакъ ргIулеб бакI

СОЛНЦЕСТОЯ́ НИЕ *с* цIвайидаса бакъ лъугьин (*июналъул 22 абилеб къоялдаги декабралъул 22 абилелдаги къо гьитIинлъизе ва къо кIодолъизе байбихьулеб гIуж*)

СО́ЛО 1. *с нескл.* соло, цо чияс ахIизе кколеб я бачине кколеб музыкияб асар **2.** цо чияс гьабулеб кьурди, ахIулеб кечI **3**. *нареч.* цогияз гIахьаллъи гьабичIого, цогидаздаса батIаго

СОЛОВЕ́Й *м* булбул

СОЛОВЕ́ТЬ *несов. разг.* макьихун, кIухIаллъун лъугьине

СОЛОВЬИ́ Н//ЫЙ, -ая, -ое булбулалъул(аб); **~ые тре́ли** булбулхIанчIил бакънал

СО́ЛОД *м* тIи; **~ из ячме́ня** богIол тIи

СОЛО́МА *ж* хьутI, сум, солома

СОЛО́МЕНН//ЫЙ, -ая, -ое **1.** хьутIил, хьутIалъул гьабураб; сумал, сумал гьабураб; **~ая кры́ша** сумал (гьабураб) тIох **2**. сумал кьераб ◊ **~ая вдова́** заманалъул къоролай (*заманалъ росгун гьечIей чIужугIадан*)

СОЛО́МИНК//А *ж* цо сум (*тIорщалил, хьутил*)

СОЛО́НКА *ж* цIамутIам, цIан балеб жо

СОЛОНЧА́К *м* цIамхIалаб ракь

СОЛОНЧАКО́ВЫЙ, -ая, -ое цIамхIалаб ракь бугеб; цIамхIалаб ракьалда бижулеб

СОЛЬ[1] *ж* 1) (*пищевая*) цIан; **пова́ренная ~** кванилъе (*балеб*) тIамулеб цIан; **англи́йская ~** инглис цIан (*риххалил дару*) 2) *перен. разг.* магIна, кьучI, аслу, бищун кIвар бугеб бакI; **вся ~ в э́ том** гьелъулъ буго кинабго магIна, аслу

СОЛЬ[2] *с нескл. муз.* соль (*нота*)

СО́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое солояльул (*цо чияс гьабулеб кьурдул, кочIол, бачунеб, хъвалеб, пулеб жояльул*)

СОЛЬЮ́(СЬ), сольёшь(ся) *и т.д. буд. от* **сли́ ть(ся)**

СОЛЯ́ НКА *ж* солянка *(бакъваяб ччугIил яги гьанал чурпа)*

СОЛЯНО́Й, -а́я, -о́е цIамулаб, цIамуда хурхараб

СОЛЯ́РИЙ *м* солярий, бакъул ваннаби гьарулеб бакI (*бакъалдасан кеп босизе гьабураб бакI*)

СОМ *м* сом (*ччугIа*)

СО́МКНУТЫЙ, -ая, -ое цоцада цураб, гъункараб; **~ строй** цоцалъ гъункараб кьер, строй

СОМКНУ́ ТЬ *сов. что* 1) цоцада цузабизе, гъункизабизе, ризго цоцалъ гъункизаризе; **~ ряды́** кьерал цоцалъ гъункизаризе

2) (*закрыть*) данде къазе; **~ глаза́** берал данде къазе, берал къанщизе; ◊ **не ~ глаз** бер данде бачунгутIизе, кьижунгутIизе

СОМКНУ́ ТЬСЯ *сов.* 1) цоцалъ цузе, гъункизе 2) данде къан ине, къанщун ине (*берал*)

СОМНЕВА́ТЬСЯ *несов. в ком-чем* 1) щаклъизе, щаклъи ккезе 2) божел гьечIого букIине, божунгутIизе, ракI чIунгутIизе

СОМНЕ́НИ//Е *с* щаклъи, щакдари, ракIчIунгутIи, ишкал; **без вся́кого ~я** кигIан дагьабниги щаклъи гьечIого ◊ **без ~я** *вводн. сл .* щибго щаклъи гьечIого, ишкал гьечIого; узухъда

СОМНИ́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое щакаб; ракIчIей гьабизе рес гьечIеб, божи гьечIеб; **~ая ли́чность** щакав инсан

СОМНО́ЖИТЕЛЬ *м мат.* сомножитель (*жиб ялъуни жинда кьабулеб*)

СОМНУ́, сомнёшь *и т.д. буд. от* **смять**

СОН *м* 1) (*состояние*) макьу; **засну́ть кре́пким сном** кутакалда кьижизе; **меня́ кло́нит ко сну́** дун макьихун вуго 2) (*сновидение*) **ви́деть во сне́** макьилъ бихьизе, макьу бихьизе; **стра́шный ~** гIасияб, квешаб макьу ◊ **прия́тного сна!** сордо лъикI, макьилъ лъикIаб бихьаги! **по́мнить как во сне́** макьилъ гIадин ракIалда букIине; **и во сне́ не сни́лось** макьилъцин бихьичIо; **усну́ть ве́чным сном** хвезе; **сквозь сон** макьилъго, макьилъ гIадин

СОНА́ТА *ж муз.* соната (*музыкияб асаралъул цо бутIа*)

СОНЛИ́ВОСТЬ *ж* макьихъин, кьижизе бокьи

СОНЛИ́ВЫЙ, -ая, -ое хехго макьихунев, макьу хирияв, гIемер кьижулев; **~ челове́к** макьу хирияв чи; макьихарасе хасиятаб

СО́НН//ЫЙ, -ая, -ое 1) макьихараб, макьу рекIараб; **~ые глаза́** макьихарал берал; **в ~ом состоя́нии** кьижарав гIадин 2) кьижараб; **~ый ребёнок** кьижараб лъимер 3) кьижизарулеб, макьу щвезабулеб; **~ые ка́пли** кьижизарулеб дару

СО́НЯ *м, ж разг. (о человеке)* гIемер кьижизе бокьулев чи, макьигоро

СООБРАЖА́//ТЬ *несов.* 1) *см.* **сообрази́ть** 2) (*понимать, воспринимать*) бичIчIизе, ургъизе,бетIер хIалтIизе; **я уста́л и плохо́ ~ю** дун сакван вуго ва щибго жо бичIчIулеб (хIал) гьечIо

СООБРАЖЕ́НИ//Е *с* 1) хIисаб гьаби, ургъи 2) пикру; **у меня́ есть свои́ ~я по э́тому по́воду** гьелъул рахъалъ (хIакъалъулъ) дир хасал (дирго) пикраби руго 3) гIилла, сабаб; **по экономи́ческим ~ям** экономикиял гIиллабазе гIоло

СООБРАЗИ́ ТЕЛЬНОСТЬ *ж* цIодорлъи, рекIеда вати; нахъгIунтIи, хадувгъей

СООБРАЗИ́ ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое цIодорав, хехго нахъгIунтIулев, хехго хадув гъолев

СООБРАЗИ́ //ТЬ *сов. что и без доп.* 1) хIисаб гьабизе, ургъизе, ургъун бихьизе 2) бичIчIизе, ракIалде бачIине, нахъгIунтIизе; **я сра́зу ~л в чём де́ло** иш сундулъ бугебали дида бачIинахъего бичIчIана

СООБРА́ЗНО *нареч. и предлог с дат.п. или с предлогом с тв. п.* рекъон, хIисаб гьабун; **поступа́ть ~ с зако́ном** законалда рекъон гьабизе

СООБЩА́ *нареч.* цадахъ, цолъун (*гьабизе*)

СООБЩА́ТЬ *несов. см.* **сообщи́ ть**

СООБЩА́//ТЬСЯ *несов. с кем-чем* 1) *см.* **сообщи́ться** 2) (*быть соединённым*) бухьун букIине, бухьине, гьоркьоб хурхен букIизе; цоцазулгун бухьен букIине; **Москва́–река ~ется с Во́лгой** Москва-гIоралъул Волгаялъулгун бухьен буго ◊ **как уже́ ~лось** цебеккун лъазабухъе

СООБЩЕ́НИ//Е *с* **1.** (*по гл.* **сообщи́ть**) баян кьей, бицин, лъазаби **2**. лъазаби; **э́кстренное ~е** хехаб, нахъбахъизе бегьулареб лъазаби **3**. (*связь*) бухьен; **телефо́нное ~е** телефоналъул бухьен; **пути́ ~я** бухьеналъул (*бухьеналъе ругел*) нухал

СООБЩИ́ ТЬ *сов. что, о чем* баян кьезе, лъазабизе, бицине

СОО́БЩНИК *м* квешаб ишалъе, такъсиралъе цадахъчи (гIахьалчи)

СОО́БЩНИЦА *ж* квешаб ишалъе цадахъчIужу

СООРУДИ́ТЬ *сов. что* базе (*цощинаб мина ва ц.*), гьабизе, гIуцIизе; эхетизабизе; **~дом** мина *(ригь)* базе; **~ па́мятник** памятник гьабизе

СООРУЖА́ТЬ *несов. см.* **сооруди́ ть**

СООРУЖЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **сооруди́ ть**) бай (*мина ва ц.*), гьаби; гIуцIи; эхетизаби **2**. (*здание*) рукъзал, мина, бараб бакI, гIимарат

СООТВЕ́ТСТВЕННО 1. *нареч. (надлежащим образом*) рекъон кколедухъ, букIине кколедухъ, ахIвал-хIалалда рекъон **2**. *предлог с дат. п. или с предлогом* **с** *с тв. п.:* **де́йствовать ~ прика́зу** (*с приказом*) буюрухъалда рекъон иш гьабизе; **де́йствовать ~ обстоя́тельствам** ахIвал-хIалазда рекъон иш гьабизе

СООТВЕ́ТСТВИ//Е *с* рекъей, рекъонккей, дандеккей; **по́лное ~е интере́сов** мурадал тIубанго данде ккей; **~е ме́жду расхо́дом и прихо́дом** тIаде бачIунебги харжги данде ккей ◊ **в ~и с зако́ном** законалда рекъон, законалда данде кколеб куцалъ

СООТВЕ́ТСТВ//ОВАТЬ *несов. кому-чему* данде ккезе, рекъезе (*цо жо цогидалда*); **одно́ не ~ует друго́му** цояб цогиялда данде кколеб гьечIо; **~овать занима́емой до́лжности** гIодов чIараб (гьабулеб) хъулухъалда данде ккезе

СООТВЕ́ТСТВУЮЩ//ИЙ, -ая, -ее (*подходящий, пригодный*) рекъолеб, битIун кколеб, данде кколеб; **~им о́бразом** данде кколеб хIалалда; **обрати́ться в ~ее учрежде́ние** рекъон кколел идарабазде ине; **найти́ для лаборато́рии ~ее помеще́ние** лабораториялъе данде кколеб рукъ батизе

СООТЕ́ЧЕСТВЕННИК *м* ватIанцояв

СООТЕ́ЧЕСТВЕННИЦА *ж* ватIанцояй

СООТНОСИ́ ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое цогидалда бухьараб, цогидалдехун бухьен бугеб

СООТНОШЕ́НИЕ *с* кIиго я чанго предметалда, лъугьа-бахъиналда гьоркьоб бугеб бухьен, гьоркьоблъи; цоцада данде ккун бугеб хIал; **~ бо́рющихся сил** къеркьолел ругел къуватазул цоцада данде ккун бугеб хIал

СОПЕ́РНИК *м* дандеяв (*щибниги ишалъулъ цогидасдаса бергьине хIаракат бахъулев*); данде бох бухьарав чи (*лъилгуннигги кинаб бугониги ишалъе*), къец ккурав чи

СОПЕ́РНИЦА *ж* дандеяй, данде къацандулей, къец ккурай гIадан

СОПЕ́РНИЧА//ТЬ *несов.* 1) *с кем-чем в чем (состязаться*) (*цого мурадалъе гIоло*) къацандун гьабизе, къец бан гьабизе 2) *перен.* цого гIадаб къимагалъул букIине, цоялъ цояб нахъе рехуларебльун букIине, качествоялъул рахъалъ къоларе букIине

СОПЕ́ТЬ *несов.* сунсудизе

СО́ПКА *ж* 1) тIогъ гургинаб мегIер 2) свараб вулкан 3) гохI

СОПЛЕМЕ́ННИК *м* наслу цояв, тухум цояв, кьибил-тухум цогояв

СОПЛЕМЕ́ННИЦА *ж* наслу цояй, тухум цояй, кьибил-тухум цогояй

СО́ПЛИ *мн.* (*ед.* **сопля́** *ж*) *разг.* хунчIрул

СОПЛИ́ВЫЙ, -ая, -ое *разг.* хунчIрул чвахулев; хунчIрул ра́хараб, хунчIруз бацараб

СОПЛЯ́ К *м* хунчIук, хунчIрул чвахулеб лъимер

СОПОСТА́ВИТЬ *сов. кого-что, кого-что с кем-чем* данде кквезе (*релъльен ва батIалъи бихьизелъун*)

СОПОСТАВЛЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **сопоста́вить**) дандекквей; **~ показа́ний свиде́телей** нугIзабазул рихьизариял данде кквей

СОПОСТАВЛЯ́ ТЬ *несов. см.* **сопоста́вить**

СОПРА́НО *с* сопрано, руччабазул бищун тIеренаб гьаракъ; *гьединаб* гьаракъалъ кечI ахIулей гIадан

СОПРЕДЕ́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое гIурхъи цояб; **~ые стра́ны** гIурхъи цоял (*гIахьалал*) улкаби

СОПРЕ́ТЬ *сов.* 1) ккалазе, туризе, цIаккине 2) гIетIуца, цуриялъ хвезабизе 3) бежуд, белъуд хьезе

СОПРИКАСА́//ТЬСЯ *несов. с кем-чем* 1) аскIоб цун бу-кIине; **земе́льные уча́стки ~ются** ракьул бутIаби цоцада цун руго 2) (*касаться*) цоцада хъвазе; **~ться локтя́ми** гIукIрукьал цоцада хъвазе 3) *перен. (общаться)* бухьен букIине; **~ться с ра́зными людьми́** батIи-батIиял гIадамазулгун бухьен букIине

СОПРИКОСНОВЕ́НИ//Е *с* 1) цоцада хъвай, цоцадехун хурхен; **то́чка ~я** цоцада хъвараб бакI 2) *перен.* лъай-хъвай, цоцазулгун гьоркьоблъи

СОПРИКОСНУ́ ТЬСЯ *сов. см.* **соприкаса́ться**

СОПРОВОДИ́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое цадахъ бугеб; **~ое письмо́** (*щибниги ишалъул хIакъалъулъ*) цадахъ битIулеб кагъат

СОПРОВОДИ´ ТЬ *сов. см.* **сопровожда́ть**

СОПРОВОЖДА́//ТЬ *несов.* 1) *что чем офиц.* цадахъ кьезе, цадахъ регIизе; **~ть заявле́ние соотве́тствующими докуме́нтами** гIарзаялда цадахъ рукIине кколел документалги кьезе 2) *кого-что (идти вместе, рядом*) цадахъ ине 3) *кого-что перен. (сопутствовать)* цадахъ букIине 4) *что чем (аккомпанировать)* цадахъ бачине; **~ть пе́ние му́зыкой** кочIода цадахъ музыка бачине

СОПРОВОЖДА́//ТЬСЯ *несов.* цадахъ букIине; **дождь ~лся грозо́й** цIадалда цадахъ пиригун гъугъайги букIана; **грипп ~ется осложне́ниями** гриппалда цадахъ цогидал унтабиги рукIуна

СОПРОВОЖДЕ́НИ//Е *с* **1.** (*по гл.* **сопровожда́ть**) цадахъ букIин, цадахъ регIи; **он пришёл в ~и двух това́рищей** кIиго гьалмагъгун цадахъ вачIана дов **2**. (*аккомпанемент*) цадахъ бачин, цадахъ букIин; **петь в ~и роя´ ля** роялги хъван, кечI ахIизе; **пе́ние в ~и му́зыки** музыкагун цадахъ кечI ахIи

СОПРОТИВЛЕ́НИ//Е *с* **1.** дандечIей, дандечIей гьаби; **движе́ние ~я** дандечIеялъулаб багъа-бачари **2**. *физ.*: **~е материа́лов** материазул кинаб бугониги хисиялда данде чIолеб хасият (*масала, форма хисизабиялде*) ◊ **пойти´ по ли´нии наиме́ньшего ~я** бигьаяб нухдасан ине, бигьаяб нух тIаса бищизе

СОПРОТИВЛЯ´ ТЬСЯ *несов. кому-чему* данде чIезе

СОПУ´ ТСТВ//ОВАТЬ *несов. кому-чему* 1) лъиданиги цадахъ ине, лъилниги нухлул гьалмагълъун (*нухлулавлъун*) вукIине 2) *перен.* цадахъ букIине; **ему ~ует сча́стье** гьесие талихI ккола, талихI гьесда цадахъ букIуна

СОР *м* кьишни; кьишни-къул, хIур-кIуч

СОРАЗМЕ́РИТЬ *сов. что с чем* цоцада борцун бащад гьабизе, бащад борцине; дурусго цоцада борцине, роцадулъ бащад ккезабизе, цоцада борцун рекъезабизе

СОРАЗМЕ́РНО *нареч. и предлог с дат. п. или с предлогом* **с** *с тв. п.* роцадулъ цокIалго, роцадулъ цоцалъ рекъон, къадаралъул рахъалъан цокIалго; **расхо́довать де́ньги ~ сме́те** (*со сметой*) сметаялда рекъон гIарац харж гьабизе

СОРАЗМЕ́РНЫ//Й, -ая, -ое рекъараб, роцадулъ рекъон ккколеб, роцадулъ битIун ккколеб; **расхо́ды, ~е дохо́дам** тIаде бачIунелда рекъарал харжал

СОРАЗМЕРЯ´ ТЬ *несов. см.* **соразме́рить**

СОРА́ТНИК *м* рагъулав гьалмагъ; къеркьеялъул гьалмагъ

СОРА́ТНИЦА *ж* рагъулай гьалмагъ; къеркьеялъул гьалмагъ

СОРВАНЕ́Ц *м разг* цо хIалалда чIолареб, нежехIаб лъимер; **ч**Iезе къадар лъугIарав чи

СОРВА́//ТЬ *сов. что* 1) тIезе, тIун босизе, бекун хIубиялдаса, кьолбодаса батIа гьабизе; **~ть цветóк** тIегь тIезе; тIун босизе; **~ть я´блоко** гIеч тIезе 2) (*бурей*) цIан тIезе, цIан бахъизе; **бу́ря ~ла кры´ шу** гьороца тIох цIан тIаса бахъун ана 3) *перен. прост. (получить нечестным способом)* бахъизе (*хIал гьабун, гуккун*); *~ с кого-л.* **сто рубле́й** нусго гъурущ батIа гьабизе (*лъихъа бугониги)* 4) *перен. (расстроить, провалить*) хвезабизе, къотIизабизе; **~ть заня´тие** занятие (*цIали, хIалтIи*) хвезабизе 5) *на ком-чем перен. разг. (вместить)* бецIизе (*лъиданиги*); **зло ~ть на де́тях** щин лъималазда бецIизе; **~ го́лос** гьаракь хвезе, гьаракь къине

СОРВА́//ТЬСЯ *сов.* 1) (*с привязи – о животных*) тIун бачIине, борчIизе; **соба́ка ~лась с цепи´** гьой рахсидаса борчIун буго 2) (*упасть*) тIун бачIине, чIараб бакIалдаса батIалъун бачIине; **~ться со скалы´** кьурдаса тIун бачIине (*гамачI*); кьурдаса гIодове вортизе 3) *перен. разг. закончиться неудачей)* ракIалдаго гьечIого гьабулеб букIараб иш хвезе, мекъса ккезе; **де́ло ~лось!** иш хвана! иш мекъса ккана! 4) *перен. разг.* лъачIого абун борчIизе (*рагIи*); **сло́во случа́йно ~ло́сь** рагIи лъачIого абун борчIана ◊ **как с цепи´ ~лся** бухьаралъуса борчIараб гьой гIадин; сабру гьечIого, ургъичIого, гIедегIун, вихха-хочун иш гьабизе; **с языка́ ~ло́сь** кIалдиса борчIун ана

СОРГО́ *с* гIурусмуч, сорго

СОРЕВНОВА́НИЕ *с* къецалде рахъин, бергьенлъи босизе чIалде рахъин, къец (*цощинаб ишалъулъ бергьенлъиялъе гьабулеб*); **вы´ звать на ~е** къецалде ахIизе; **~ по бе́гу** рекериялъул къец

СОРЕВНОВА́ТЬСЯ *несов. с кем* къец гьабизе, къец базе (*цощинаб ишалъулъ бергьине хIаракат бахъизе*), къецалде рахъине; чIалде рахъине; **~ в бе́ге** рекериялъул къецалде рахъине; **~ в учёбе** цIалулъ къец базе (*къацандун цIалдезе*)

СОРИ́НКА *ж сундулниги* гьитIинабго бутIа, зарра; гIисибикъинаб хIур-кIуч; **в глаз попа́ла ~** бадибе (хъублъидул) цо гьитIинаб жо ккана

СОРИ́ТЬ *несов.* 1) чорок гьабизе **~ в ко́мнате** рукъ чорок гьабизе 2) *перен.* пасат гьабизе (*гIарац, боцIи*); **~ деньга́ми** гIарац пасат гьабизе

СО́РН//ЫЙ, -ая, -ое 1) чIахI-къулалъул; чIахIлъун бугеб; **~ая трава́** чIар 2) гIалагъважа жанибе балеб; **~ый я´щик** гIала-гьважа жанибе балеб ящикI

СОРНЯ́К *м* чIар, чIахI, чIахI-къул (*бугIа-ролъалда гьоркьоб, пастIаниб ва гь.ц. культурияб гуреб бижараб жо*); **борьба́ с ~а́ми** чIарай, чIаради (*чIаралда данде рагъ бай*)

СОРО́ДИЧ *м* 1) гIагарав чи 2) цого бакIалдаса чи, цого милаталъул чи, цого тухумалъул чи, тухум цояв

СО́РОК *числ.* кIикъого

СОРО́КА *ж* чаргъеду

СОРОКАЛЕ́ТИЕ *с* кIикъого сон тIубай, кIикъого сон бай

СОРОКАЛЕ́ТНИЙ, -яя, -ее кIикъого соналъ букIараб; кIикъого сон барав; кIикъого сонилаб

СОРОКОВО́Й, -а́я, -о́е кIикъоабилеб

СОРОКОНО́ЖКА *ж* хIатIалгIемер (*хIутI*)

СОРО́ЧК//А *ж* гурде (*бихьиназул тIасан, руччабазул гьоркьан ретIунеб*); **ночна́я ~а** къаси (*бусада*) ретIунеб гурде ◊ **роди´ -ться в ~е** битI ккезе, кидаго талихI кьезе (*кидаго битI кколев, талихI кьурав чиясул хIакъалъулъ*)

СОРТ *м* сорт; **вы´ сший ~** тIадегIанаб сорт; **таба́к второ́го ~а** кIиабилеб сорталъул тамахьо

СОРТИРОВА́ТЬ *несов. что* сортал гьаризе, сортал гьарун бикьизе

СОРТИРО́ВКА *ж* **1.** (*по гл.* **сортирова́ть**) сортазде бикьи, сортал гьари **2**. *с.-х. (хIалухъадул, пихъ-мичIалъул ва гь.ц.*) сортал гьарулеб машина

СОРТИРО́ВОЧНАЯ *ж ж.-д.* сортировочная (*гIемерал маххул нухал данделъулеб кIудияб станциялда вагонал ратIа гьарулеб, поездал хIадур гьарулеб бакI, станция*)

СОРТИРО́ВОЧН//ЫЙ, -ая, -ое сортал (ратIа) гьарулеб, сортазде бикьулеб; **~ая маши´ на** сортал гьару´леб машина

СОРТИРО́ВЩИК *м* сортал гьарулев чи, сортировщик

СОРТИРО́ВЩИЦА *ж* сортал гьарулей гIадан, сортировщица

СОРТОВ//О́Й, -а́я, -о́е сорталъулаб; **~о́е зерно́** сорталъулаб (*тIадегIанаб яги цо хасаб сорталъул*) тIорщел

СОС//А́ТЬ *несов. что* цIункIизе; хахизе; **~а́ть грудь ма́тери** эбелалъул керен хахизе; **~а́ть па́лец** килищ цIункIизе; **~а́ть конфе́ту** конфета цIункIизе; **пия´ вка ~ёт кровь** горенжалъ би цIула

СОСВА́ТАТЬ *сов. кого* лъади абизе, чIужулъун гьаризе

СОСЕ́Д *м* 1) мадугьал 2) аскIов гIодов чIарав чи

СОСЕ́ДКА *ж* 1) мадугьал (*чIужугIадан*) 2) аскIой гIодой чIарай гIадан

СОСЕ́ДН//ИЙ, -яя, -ее мадугьалихъ бугеб; **~ий дом** мадугьалихъ бугеб мина; **~ее село́** аскIобегIан, гIагардегIан бугеб росу

СОСЕ́ДСКИЙ, -ая, -ое 1) мадугьаласул; **~ ма́льчик** мадугьаласул вас 2) мадугьаллъиялъул

СОСЕ́ДСТВ//О *с* мадугьаллъи; **в ~е** мадугьалихъ

СОСИ´ СКА *ж* сосиска (*белъараб гьанал цIураб тIеренаб бакъ*)

СО́СКА *ж* моцIу (*лъималазе хахизе, цIункIизе кьолеб*)

СОСКА́БЛИВАТЬ *несв. см.* **соскобли´ ть**

СОСКА́КИВАТЬ *несов. см.* **соскочи´ ть**

СОСКА́ЛЬЗЫВАТЬ *несов. см.* **соскользну́ть**

СОСКОБЛИ́ТЬ *сов. что* хачан инабизе, хачан бацIцIад гьабизе

СОСКОЛЬЗНУ´ ТЬ *сов.* 1) (*упасть, скользя*) хъущтIун гIодов ккезе 2) (*спуститься вниз, скользя)* хъущтIун гIодобе ине 3) *перен.* жиндаго лъачIого *сунденги* вагьизе

СОСКОЧИ´ //ТЬ *сов.* 1) (*спрыгнуть*) кIанцIун гъоркье рещтIине, гъоркье кIанцIизе; **~ть с ло́шади** чодаса гъоркье кIанцIизе 2) борчIун бачIине; **дверь ~ла с пе́тель** нуцIа нукьдуздаса борчIун бачIана

СОСКРЕБА́ТЬ *несов. см.* **соскрести´**

СОСКРЕСТИ´ *сов.* хачан инабизе, хъащтIун инабизе

СОСКУ́ЧИВАТЬСЯ *сов.* 1) (*скучать)* чIалгIине 2) *по комчем, по кому-чему, о ком-чем (стосковаться)* урхъизе; **~ по кни́-гам** тIахьазухъ урхъизе; **~ по де́тям** лъималазухъ чIалгIине (*лъималазде ракI щвезе*)

СОСЛАГА́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое: **~ое наклоне́ние** *грамм.* шартIияб наклонение

СОСЛА́ТЬ *сов. кого* витIизе (*тамихIалъе батIияб ба-кIалде)*, тамихI гьабун гочинавизе; бид виххун витIизе

СОСЛА́ТЬСЯ *сов. на кого-что сундуениги* багьана батизе, *щибниги жо* багьанаде кквезе; *сунденги* мугъчIвай гьабизе, нугIлъун *щибниги* бихьизабизе; **~ на недосу́г** замана гьечIилан багьана батизе; *~ на чьи-л.* **слова́** *лъилниги* рагIаби багьанаде кквезе

СО́СЛЕПУ *нареч. разг.* бецлъиялъ

СОСЛО́ВИЕ *с ист.* сословие, тайпа (*феодализмалда лъугьараб хасал ихтияразул къукъа)*; **дворя́нское** ~ дворяназул сословие, дворян тайпа

СОСЛО́ВНЫЙ, -ая, -ое *ист.* сословиялъул, хасаб тайпаялъул

СОСЛУЖИ́ВЕЦ *м* цадахъ хъулухъалда вугев (*хъулухъ гьабулев*) чи, хъулухъцадахъ

СОСЛУЖИ́ВИЦА *ж* цадахъ хъулухъалда йигей гIадан

СОСЛУЖИ́ТЬ *сов.: ~* **слу́жбу** *лъиениги* лъикIлъи, кумек, хайир, пайда гьабизе

СОСНА́ *ж* накIкIигъветI

СОСНО́ВЫЙ, -ая, -ое 1) накIкIигъотIол, накIкIигъутIбузул 2) накIкIил, накIкIицIулал; **~лес** накIкIирохь

СОСНУ́ТЬ *сов. разг.* дагьаб механалъ кьижизе, гьапуллъизе

СОСНЯ́К *м* накIкIирохь; накIкIицIулал хъарщи

СОСО́К *м* моцIу; коко, кеке

СОСРЕДОТОЧЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **сосредото́чить**) 1) цо бакIалде данде гьаби, данде цIай 2) *перен.* данде бакIари, цойида чIезаби **2**. (*по гл.* **сосредото́читься**) 1) цо бакIалде данделъи, данде цIай 2) цолъи

СОСРЕДОТО́ЧЕННО *нареч.* бакIа-бахарун, цойиде бакIарун; кIвар кьун, батIияб рахъалде пикру биччачIого; **~ смотре́ть** тIаса бер босичIого (*кIвар кьун*) хал гьабизе

СОСРЕДОТО́ЧЕННЫЙ, -ая, -ое 1) (*собранный*) бакIа-бахарараб; цо рахъалде буссараб 2) (*направленный в одно место*) цо рахъалде буссинабураб, балагьизабураб; **~ артиллери́йский ого́нь** цо рахъалде (*цо бакIалде*) буссинабураб гIарадабазул кьвагьи (*цIалъей*)

СОСРЕДОТО́ЧИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **сосредото́чить(ся)**

СОСРЕДОТО́ЧИТЬ *сов.* 1) *кого-что (сконцентрировать где-л.)* цо бакIалде данде гьабизе, данде цIазе 2) *что (напр. внимание*) пикру, кIвар, интерес *сунде бугониги буссинабизе*

СОСРЕДОТО́ЧИ//ТЬСЯ *сов.* 1) (*сконцентрироваться в одном месте*) цо бакIалде данделъизе, данде цIазе 2) цолъизе; **в нем ~лось всё хоро́шее** гьосулъ цолъун букIана кинабго лъикIабщинаб 3) *перен. на ком-чем (сосредоточить внимание, мысли*) балагьизе, буссине, тIад чIезе; **вся его́ любо́вь ~лась на ребёнке** гьесул тIолабго рокьи лъимадехун буссана

СОСТА́В *м* 1) *чего* гIуцIи; **~ воды́** лъел гIуцIи; **гру́ппа в ~е пяти́ челове́к** щуго чиясдасан гIуцIараб къокъа 2) нухда ритIизе хIадур гьарурал яги нухда ругел (*цоцада рекIинарурал*) вагонал; поезд

СОСТАВИ́ТЕЛЬ *м* тIехь *ва гь.ц.* данде гьабурав чи; **~ учёбника** цIалул тIехь данде гьабурав чи

СОСТА́В//ИТЬ *сов. что* 1) (*написать, создать*) гьабизе, данде гьабизе; **~ спи́сок** сияхI гьабизе; **~ить кни́гу** тIехь данде гьабизе 2) батIи-батIияб жо жубан цо жо гьабизе; **~ить лека́рство** дару гьабизе *(батIи-батIиял жал журан);* **~ить буке́т** кваццIи гьабизе (*тIугьдузул*) 3) (*образовать, сформировать*) гIуцIизе; **~хор** хор гIуцIизе 4) (*выразиться в сумме*) кквезе; **э́то ~ит сто рубле́й чи́ стой при́ были** бацIцIадаб хайир ккела нусго гъурущ 5. (*собрать*) бакIаризе, данде бакIаризе данде гьаризе; **~ить колле́кцию ма́рок** маркабазул коллекция бакIаризе, данде гьаризе ◊ **~ мне́ние** *о ком-л. лъилниги* хIакъалъулъ пикру бижизе (*лъугьине*); **э́ то не ~ит труда́** гьеб захIматаб жо гуро; гьеб гьабизе захIмат букIинаро

СОСТА́ВИ//ТЬСЯ *сов. (образоваться)* 1) лъугьине (*цо чанго жоялдасан*) 2) (*возникнуть)* бижизе, ккезе; **~лось мне́ние** пикру бижана (*лъилниги-сундулниги хIакъалъулъ)*

СОСТАВЛЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **соста́вить**) данде гьаби, гIуцIи; **~ спи́ска** сияхI гьаби

СОСТАВЛЯ́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **соста́вить(ся)**

СОСТАВН//О́Й, -а́я, -о́е 1) (*составленный из частей*) чанго бутIаялдасан гIуцIараб, составалъулаб, гьабураб; **~а́я ле́стница** чанго бутIаялдасан гьабураб мали (*болъо*) 2) (*сложный*) гIуцIараб, жубараб; **~о́е сказу́емое** *грам.* жубараб (*составияб*) сказуемое 3) (*входящий в состав чего-л.*) с*ундулниги* гIуцIиялда гъорлъ бугеб, бутIалъун бугеб; **~а́я часть** *сундулниги* бутIа

СОСТА́РИ//ТЬ *сов. кого* херлъизавизе, хер гьавизе; **го́ре ~ло его́** къварилъиялъ херлъизавуна дов

СОСТА́РИТЬСЯ *сов.* херлъизе, херлъун ине; басралъизе

СОСТОЯ́НИ//Е *с* 1) хIал, бугеб хIал; **~е промы́шленности** промышленносталъул бугеб хIал; **~е здоро́вья** сахлъиялъул хIал, сахлъи; **больно́й в тяжёлом ~и** унтарав захIматаб хIалалда вуго 2) (*имущество*) боцIи (*цощинав чиясул бугеб*); гIураб бечелъи, рикъзи; **у него́ большо́е ~е** досул кIудияб бечелъи буго 3) хIалкIвей; рес; **я не в ~и э́то сде́лать** гьеб гьабизе дир хIал гIоларо (*рес рекъоларо*)

СОСТОЯ́ТЕЛЬНОСТЬ *ж* 1) (*обеспеченность*) рес буголъи 2) (**обосно́ванность**) кьучI буголъи (*кьучIаб букIин*), хIужжа букIин; **~ тео́рии** теориялъул кьучIлъи́, кьучIаб букIин

СОСТОЯ́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое 1) (*обеспеченный*) бечедав, рес бугев; **~ челове́к** рес бугев чи 2) (*обоснованный*) кьучI бугеб, хIужжа бугеб, битIараб; **~ до́вод** кьучIаб хIужжа, далил

СОСТО//Я́ТЬ *несов.* 1) *из кого-чего* букIине, данде гьабун букIине; **кварти́ра ~ит из трёх ко́мнат** квартираялда лъабго рукъ буго; **коми́ссия ~ит из пяти́ челове́к** комиссиялда щуго чи вуго; **гру́ппа ~ит из ра́зных люде́й** къокъа (группа) батIибатIиял гIадамаздасан данде гьабураб буго 2) *кем, в чем, на чем (быть, находиться)* букIине; **~я́ть в па́ртии** партиялда вукIине; **~я́ть в бра́ке** ригьнада вукIине (*йикIине*); **~я́ть на иждиве́нии** къа-йимлъиялда вукIине; **~я́ть председа́телем** председа́теллъун ву-кIине 3) (*заключаться*) *в чем-л.*); **в чём ~я́т его́ обя́занности?** гъосул тIадал ишал кинал, щал ругел?

СОСТО//Я́ТЬСЯ *сов.* букIине; буго; **собра́ние ~и́тся в клу́бе** собрание клубалда букIине буго; **ле́кция ~и́ тся в де́сять часо́в** лекция сагIат анцIгоялда букIине буго

СОСТРАДА́НИ//Е *с* гурхIел, ракIунти; **из ~я** ракI гурхIун, ракI гурхIиялъ

СОСТРАДА́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое гурхIел бугев, гурхIулев

СОСТРИГА́ТЬ *несов. см.* **состри́чь**

СОСТРИ́ТЬ *сов. разг. (сказать остроту)* бегIераб, хIунсулеб рагIи рехизе

СОСТРИ́ЧЬ *сов. что* къунцIизе (*рас*), къунцIун нахъе гьабизе

СОСТРОГА́ТЬ *сов. что* сургу базе (*бахъизе*); тIад сургу бахъун бацIцIад гьабизе

СОСТРЯ́ПАТЬ *сов. что* 1) (*сготовить*) квен гьабизе, кваназе жо хIадуризе; **~ обе́д** къадеквен гьабизе 2) *перен. прост.* тIаса-масаго гьабизе; **~ отве́т** жаваб тIаса-масаго хIадур гьабизе 3) *щибниги жо* ургъизе, хъвазе, сурат бахъизе

СОСТЯЗА́НИЕ *с* чIалде рахъин, къецалде рахъин, къец; **~в бе́ге** рекериялъул къец

СОСТЯЗА́ТЬСЯ *несов. см. с кем-чем* къацандун *щибниги* гьабизе, хIазе (*цояв цоясдаса бергьинелъун*); **~ в бе́ге** рекеризе лъугьине (*къацандун*); **~ в остроу́мии** кIал бегIерлъиялъул къец тIобитIизе

СОСУ́Д *м* 1) хъаба; гьанга; гиби, рагI, хванча; **гли́няный** ~ щагIил хъаба 2) *биол., анат.* гIадамазул ва хIайваназул би ва цоги лъамалъи жанисан хьвадулеб рихь; **кровено́сные ~ы** бидурихьал

СОСУ́ЛЬКА *ж* цIункIулукI; **борода́ в ~х** магжида цIункIулукIал чIван руго (цIункIулукIал чIвараб мегеж)

СОСУ́Н *м* 1) гугьунбече, гугьунтайи *(жеги эбелалда хахулеб тIинчI)* 2) хахулеб лъимер

СОСУНО́К *м уменьш. от* **сосу́н**

СОСУЩЕСТВОВА́НИЕ *с* цого заманалда яги цадахъ гIумру гьаби; **ми́рное ~** цадахъ ракълида гIумру гьаби

СОСУЩЕСТВОВА́ТЬ *несов.* цадахъ рукIине, цого заманалда цадахъ бетIербахъи гьабизе; ракълида цадахъ гIумру гьабизе

СОСЧИТА́ТЬ *сов. кого-что* рикIкIине, хIисаб гьабизе

СОСЧИ́ТЫВАТЬ *несов. см.* **сосчита́ть**

СОТВОРЕ́НИ//Е *с* (*по гл.* **сотвори́ ть**) бижи; **миф о ~и ми́ра** дуниял бижиялъул хIакъалъулъ маргъа

СОТВОРИ́ТЬ *сов. кого-что* бижизабизе, гьабизе; **~ добро́** лъикIлъи гьабизе

СОТКА́ТЬ *сов. что* бессизе; **~ пала́с** турут бессизе

СО́ТН//Я *ж* 1) нусго, нусгояб; **~я яи́ц** нусго хоно 2) (*сто рублей*) нусго гъурущ 3) *мн.* **~и** нус-нус, цIакъ гIемер

СОТОВА́РИЩ *м* цадахъ иш гьабулев гьалмагъ, ишалъулав гьалмагъ

СО́ТОВЫЙ, -ая, -ое лъирсил, чадилаб гьацIул; **~ мёд** чадилаб гьоцIо, лъирсил гьоцIо, хIегун гьоцIо

СОТРУ́ДНИК *м* 1) (*товарищ по работе*) цадахъ хъулухъ гьабулев чи 2) хIалтIухъан; **нау́чный ~** гIелмияв хIалтIухъан

СОТРУ́ДНИЦА *ж* 1) цадахъ хъулухъ гьабулей гIадан 2) хIалтIухъан

СОТРУ́ДНИЧАТЬ *несов.* 1) *с кем (работать совместно*) лъиданиги цадахъ хIалтIизе 2) (*быть сотрудником*) хъулухъалда вукIине, *кибниги* хъулухъ гьабизе; **~ в газе́те** газеталда хIалтIизе

СОТРУ́ДНИЧЕСТВО *с* 1) *с кем (совместная работа*) цадахъ хIалтIи, цо бакIалда цадахъ хъулухъ гьаби 2) *в чем (работа где-л.) кивниги* хIалтIи

СОТРЯСА́ТЬ *несов. что* кутакалда кIобокIизе, гьаргъадизабизе, сорозабизе

СОТРЯСА́ТЬСЯ *несов.* кутакалда кIобокIизе (*жибго*), гьаргъадизе, сорозе

СОТРЯСЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **сотряса́ть**) гьаргъадизаби, сородизаби, кIобокIизаби, гьаргъар щвезаби **2**. (*по гл.* **сотряса́ться**) кIобокIи, гьаргъади, сороди, гьаргъар щвей ◊ **~ мо́зга** (*тункун, кьабун*) гIадалнах жагъаллъи, гIадалнах тунка-гIусиялъ жагъал гьаби

СОТРЯСТИ́ (СЬ) *сов. см.* **сотряса́ть(ся)**

СО́ТЫ *мн. наяз жанир тIанчIи, гьоцIо лъолел* (*тIолел*) хIедукъалал; гьацIул къечIал

СО́Т//ЫЙ, -ая, -ое **1.** *числ.* нусабилеб **2**. *в знач. сущ.* **~ая** *ж* нусил бутIа; **одна́ ~ая** нусил бутIа (*нусго бутIаги гьабун, цо бутIа*)

СО́УС *м* соус (*кванда тIаде тIолеб татуяб лъамалъи*)

СОУЧА́СТИЕ *с сундулъниги* гIахьаллъи гьаби

СОУЧА́СТНИК *м цощинаб ишалъулъ* гIахьаллъи гьабурав чи, гьоркьов вукIарав чи, цадахъ *щибниги* гьабурав чи

СОУЧА́СТНИЦА *ж цощинаб ишалъулъ* гIахьаллъи гьабурай гIадан, гьоркьой йикIарай, цадахъ *щибниги* гьабурай гIадан

СОФА́ *ж* гIебаб тIуцаб диван

СОХА́ *ж* пуруц

СО́ХН//УТЬ *несов.* 1) (*становиться сухим*) бакъвазе; **бельё ~ет** гьоркьанретIел бакъвалеб буго 2) (*вянуть*) бечIазе; **трава́ ~ет** хер бечIалеб буго 3) *перен. разг. (чахнуть, худеть)* вакъва-гвадазе, вакъван холев вукIине

СОХРАНЕ́НИ//Е *с* **1.** (*по гл.* **сохрани́ть**) цIуни; **~е та́йны** балъголъи цIуни; **отда́ть на ~е** цIунизе кьезе **2**. (*по гл.* **сохрани́ -ться**) цIунун хутIи, цIунун букIин; **зако́н ~я эне́ргии** (къуват) энергия цIуниялъул закон

СОХРАНИ́ ТЬ *сов.* 1) *кого-что (сберечь)* цIунизе; **~ здоро́вье** сахлъи цIунизе 2) *что перен. (не нарушить чего-н.*) биххизе, хвезе биччачIого цIунизе; **~ ве́рность** *сундуениги-лъиениги* ри-тIухълъи цIунизе; **~ споко́йствие** гIодове виччан (*сабруялда*) вукIине

СОХРАНЙ//ТЬСЯ *сов. (уцелеть, остаться в силе)* цIунун хутIизе, цIунун букIине; **дом хорошо́ ~лся** мина лъикI цIунун хутIун буго; **~ться в па́мяти** ракIалда букIине, ракIалда цIунун хутIизе

СОХРА́ННОСТЬ *ж* цIунун букIин, цIунун хутIи; **всё в сохра́нности** кинабго саламатго буго, цIунун хутIун буго

СОХРА́НН//ЫЙ, -ая, -ое **1.** цIунараб, саламатго цIунараб; цIунизе кколеб **2**. *юр.* цIуни тасдикъ гьабулеб, цIуни тIаде босулеб; **~ая распи́ ска** цIунун букIин тасдикъ гьабулеб расписка

СОХРАНЯ́ ТЬ *несов.* 1) *см.* **сохрани́ ть** 2) (*хранить в каком-л. месте*) *кибниги лъун* цIунизе

СОХРАНЯ́ ТЬСЯ *несов. см.* **сохрани́ ться**

СОЦВЕ́ТИЕ *с бот.* тIогьол бетIер, тIогьорукъ, тIогьол кар

СОЦИА́Л-ДЕМОКРА́Т *м* социал-демократ (*социал-демократияб партиялъул член*)

СОЦИА́Л-ДЕМОКРАТИ́ ЧЕСКИЙ, -ая, -ое социал-демократазулаб, социал-демократиялъулаб

СОЦИА́Л-ДЕМОКРА́ТИЯ *ж* социал-демократия (*пролетариаталъул революцияб багъа-бачариялда данде къеркьеялда жаниб капитализмалъул мугъ чIвалеб бакIлъун лъугьараб буржуазияб нух*)

СОЦИАЛИЗА́ЦИЯ *ж* **1.** (*по гл.* **социализи́ровать**) тIолго халкъалъулаблъун гьаби **2**. (*по гл.* **социализи́роваться**) тIолго халкъалъулаблъун букIин, лъугьин

СОЦИАЛИЗИ́РОВАТЬ *сов. и несов. что* тIолго халкъалъулаблъун гьабизе

СОЦИАЛИЗИ́ РОВАТЬСЯ *сов. и несов.* тIолго халкъ бетIергьанаблъун букIине, тIолго халкъалъулаблъун лъугьине

СОЦИАЛИ́ ЗМ *м* социализм

СОЦИАЛИ́СТ *м* социалист (1 *социализмалъул рахъ ккурав чи*; 2 *социалистазул партиялъул член*)

СОЦИАЛИСТИ́ ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое социалистазулаб; социализмалъулаб, социализмалъул; **~ая систе́ма** социализмалъулаб система; **~ ая па́ртия** социалистазул (*социалистияб)* партия

СОЦИА́ЛЬНО-БЫТОВО́Й, -а́я, -о́е халкъияб рукIа-рахъиналда, гIадамазе кумек гьабиялда бухьараб

СОЦИА́ЛЬНО-ОПА́СНЫЙ, -ая, -ое халкъалъе (*обществоялъе*) хIинкъи бугеб

СОЦИА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое обществоялда гIадамазул гIумуялда, гьезул гьоркьоблъиялда бухьараб; общество классазде бикьиялдалъун лъугьараб

СОЦИО́ЛОГ *м* социолог (*социология гIелмуялъул специалист*)

СОЦИОЛО́ГИЯ *ж* социология (*обществоялъул ва гьелъул цебетIеялъул хIакъалъулъ бугеб гIелму*)

СОЧЕ́ЛЬНИК *м рел.* диниябайрамалда цебесеб къо (*христианазул)*

СОЧЕТА́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **сочета́ть**) цадахъ рекъон ккей **2**. (*по гл.* **сочета́ться**) цадахълъи, цолъи, цадахъ букIин; **~ тео́рии с пра́ктикой** теорияги хIалбихьиги цадахъ рекъезабун бачин

СОЧЕТА́ТЬ *сов. и несов. что с чем* цолъизабизе, цадахъ рекъезабизе, цадахъ рекъезабун бачине; **~ тео́рию с пра́ктикой** теорияги хIалбихьиги цадахъ рекъезабун бачине, цолъизабизе

СОЧЕТА́ТЬСЯ *сов. и несов.* цолъизе, рекъон (*данде ккун*) рукIине; данде ккезе; **э́ ти цвета́ хорошо́ сочета́ются** гьал кьерал лъикI цоцазда данде кколел руго ◊ **~ бра́ком** ригьин гьабун цолъизе, чIужу ячине

СОЧИНЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **сочини́ ть**) ургъун бахъи, гьаби, хъвай, жинцаго ургъун бицин **2**. (*произведение*) литературияб асар; **~ Го́голя** Гоголил асар **3**. (*школьное*) сочинение **4**. *грам.* кIиго яги цIикIкIун рагIаби ва предложениял цоцазда рухьунеб куц (къагIида)

СОЧИНИ́ ТЬ *сов. что* 1) (*создать, написать)* ургъун бахъизе, хъвазе (*литературияб, гIелмияб, музыкияб ва ц. асар*); **~ пье́су** пьеса хъвазе 2) (*выдумать*) гьечIеб жо ургъун бахъизе

СОЧИНЯ́ ТЬ *несов. см.* **сочини́ ть**

СОЧЙ//ТЬСЯ *несов.* бецIцIизе, бецIцIун бачIине; **кровь ~тся из ра́ны** ругънадаса би бецIцIун бачIуneб (бецIцIулеб) буго

СОЧЛЕНЕ́НИЕ *с* цолъизаби, цоцада рекIинаби, цоцалъ жубазаби; бутIаби цоцада рекIинарураб бакI; хурдузул бутIаби цоцада рекIараб бакI

СОЧЛЕНИ́ ТЬ *сов.* цолъизабизе, рекIинабизе, цоцада бухьинабизе, цоцалъ жубазабизе

СО́ЧНОСТЬ *ж* 1) гьорлъ сок (*лъим*) букIин, сок хIаллъи 2) *перен. (образность)* пасихIлъи, бечелъи (*мацIалъул*) 3) *перен. (яркость, свежесть)* гвангъи́ (*кьералъул)*

СО́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое 1) гьорлъ сок (*лъим*) бугеб, сок хIалаб; **~ая ты́ква** лъим хIалаб хъабахъ; **~ое я́ блоко** чванлъараб гIеч 2) *перен. (образный, выразительный)* пасихIаб, сипатияб (*мацI, стиль*) 3) *перен. (яркий, свежий)* гвангъараб; **~ые кра́ски** гвангъарал релъаби, кьерал цере рехарал релъаби

СОЧТУ́ , сочтёшь *и т.д. буд. от* **счесть**

СОЧУ́ ВСТВЕННО *нареч.* рахIмуялда, гурхIун

СОЧУ́ВСТВЕНН//ЫЙ, -ая, -ое ракI жубалев, ургъелги рохелги цадахъ баччулев; ракI тIеренав; рахIму бугев, гурхIел бугев; **~ое отноше́ние** ракI жубараб, гурхIел бугеб гьоркьоблъи, бербалагьи

СОЧУ́ВСТВИ//Е *с* 1) гурхIел, ракIунти; **вы́ разить ~е** ракIунти, гурхIел загьир гьабизе; **из ~я** гурхIиялъ 2) (*одобрение*) тIадрекъей; лъикIаб бербалагьи

СОЧУ́ВСТВОВАТЬ *несов. кому-чему* гурхIизе, чияда ракI унтизе, ургъел гьабизе (*лъилниги*); **~ чужо́му го́рю** чияр къварилъи гIахьал гьабизе, талихI къарасда гурхIизе

СОШЁЛ(СЯ), сошла́(сь), сошло́(сь) *и т.д. прош. от* **сойти́ (сь)**

СО́ШКА *ж* 1) *уменьш. от* **соха́** 2) туманкI тIаде базабулеб гIаркьачо ◊ **ме́лкая ~** пайда гьечIев, гьадингояв чи

СО́ШНИК *м* кутнамахх, пурцимахх

СОШЬЮ́, сошьёшь *и т.д. буд. от* **сшить**

СОЩУ́ РИТЬ *сов.: ~* **глаза́** берал къанщизаризе

СОЩУ́ РИТЬСЯ *сов.* берал къанщун ине

СОЮЗ *м* 1) гъункараб цолъи; **~ рабо́чих и крестья́н** хIалтIухъабазулги рекьарухъабазулги гъункараб цолъи 2) (*государственное объединение*) пачалихъазул цолъи (*цадахъал ишазе, мурадазе*) 3) (*общественное объединение*) жамгIияб цолъи; **сою́з писа́телей** хъвадарухъабазул союз (*цолъи*) 4) (*рагIаби ва предложениял цолъизаризе хIалтIизабулеб каламалъул бутIа* (*ва, -ги, амма, гьединлъидал...*) союз

СОЮ́ ЗНИК *м* союзник, цолъиялда гьоркьов вугев чи, гьоркьобе унеб хIукумат; жиндир рахъ кколев чи

СОЮ́ ЗН//ЫЙ, -ая, -ое *в разн. знач.* союзалъул; союзияб, союзалъулаб; **~ая респу́блика** союзияб республика; **~ый догово́р** союзияб къотIи-къай

СО́Я *ж* соя (*багIаргьалил тайпаялъул кванил нигIмат*)

СПАД *м* а) гIодобе ккей, дагьлъи, тIаса ин, ками; **~ воды́** лъим гIодобе ккей б) борхалъудасан лъим чвахулеб бакI

СПАДА́ТЬ *несов. см.* **спасть**

СПА́ЗМА *ж* ччорбал, щукIдул рукIкIин (*кванирукъалъул, бакъазул, щекъералъул)*

СПА́ИВАТЬ[1] *несов. см.* **спая́ ть**

СПА́ИВАТЬ[2] *несов. см.* **спои́ ть**

СПА́ЙКА *ж* **1.** (*по гл.* **спая́ть**) регъей, регъон цолъизаби, рекIинаби **2**. (*по гл.* **спая́ться**) регъон рекIин **3**. (*место соединения*) регъараб бакI **4**. *перен. (единство*) щулияб бухьен, цолъи́, гъункѝ

СПАЛИ́ТЬ *сов. что* бухIизабизе; цIа гъун бухIизе; чIур-хIизе; къвагъизабизе

СПА́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое кьижулеб; кьижизе бегьулеб, кьижизе бакI бугеб; **~ ваго́н** кьижизе бакIал ругеб вагон

СПА́ЛЬНЯ *ж* кьижулеб рукъ

СПА́РИВАТЬ *несов.см.* **спа́рить**

СПА́РИТЬ *сов.* 1) *кого-что (соединить в пары*) кIи-кIиккун данде гьабизе, кIи-кIи базе; **~ лошаде́й** кIи-кIи чу базе 2) *кого с.-х. (случить) (бихьинаб цIуялде*) тIаде биччазе, кIанцIизабизе

СПАРТАКИА́ДА *ж спорт.* спартакиада (*спорталъул гIуцIабазул физкультурияб байрам*); **~ наро́дов Росси́ и** Россиялъул халкъазул спартакиада

СПА́РЫВАТЬ *несов. см.* **споро́ть**

СПАСА́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое хвасар гьарулеб, хвасар гьаризе бугеб; **~ круг** (*гъанкъулев чи*) хвасар гьавизе рехулеб гор

СПАСА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **спасти́ (сь)**

СПАСЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **спасти́**) хвасар гьари **2**. (*по гл.* **спасти́сь**) хвасарлъи, *сундасаниги* ворчIи

СПАСИ́ БО 1. *в знач. сущ. ~ с* баркала; **и ~ не сказа́л** баркалаянцин абичIо, баркалацин кьечIо **2.** *в знач. сказ. кому-чему: ~* **сосе́ду, что помо́г** баркала мадугьаласе кумек гьабуралъухъ (кумекалъухъ)

СПАСИ́ ТЕЛЬ *м* хвасар гьарулев чи

СПАСИ́ ТЕЛЬНИЦА *ж* хвасар гьарулей гIадан

СПАСИ́ ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое хвасар гьарулеб

СПАСТИ́ *сов. кого-что* борчIизабизе, хвасар гьабизе, хвасарлъизабизе; **~ иму́щество от огня́** буголъи (*боцIи*) цIадудаса хвасар гьабизе

СПАСТИ́ СЬ *сов.* хвасарлъизе, борчIизе

СПА//СТЬ *сов.* 1) *с кого-чего (упасть)* гъоркье бортизе, гъине, гъун бачIине; **ли́стья ~ли с дере́вьев** гъутIбуздаса тIамах гIодобе гъун бачIана 2) (*пойти на убыль)* дагьлъизе, тIаса ине; **вода́ ~ла** лъим дагьлъана, гIодобе ккана

СПАТЬ *несов.* 1) кьижизе; **кре́пко ~** вигьунаредухъ кьижизе 2) *перен. разг. (бездействовать)*: **на́до бы́ ло не ~, а де́йствовать реши́тельно** кьижун вукIинчIого, таваккалго ишалде тIаделъизе кколаан (иш гьабизе кколаан)

СПА́ТЬСЯ *несов. безл. кому* макьу щвезе, макьу бачIине; **мне не спи́тся** дида макьу щолеб гьечIо; **под у́тро хорошо́ спи́тся** рогьалида лъикIаб макьу щола

СПА́ЯННОСТЬ *ж* 1) регъон букIин 2) *перен.* цокIаллъи, цолъи́, гъункѝ

СПА́ЯННЫЙ, -ая, -ое 1) (*скрепленный паянием)* регъараб 2) *перен.* цолъараб, гъункараб; **~ коллекти́ в** гъункараб коллектив

СПАЯ́ ТЬ *сов.* 1) *что (соединить паянием*) регъезе, рекIинабизе 2) *кого-что перен. (объединить)* цоцалъ щула гьабизе, цолъизаризе, цоцалъ гъункизабизе

СПАЯ́ТЬСЯ *сов.* 1) (*соединиться в результате паяния*) регъон чIезе 2) *перен. (объединиться*) цолъизе, *щивгунниги*, *щибгунниги* цолъизе, журазе

СПЕВА́ТЬСЯ *несов.см.* **спе́ться**

СПЕ́ВКА *ж* хоралъул репетиция

СПЕКТА́КЛЬ *м* стектакль (*театралда щибниги бихьизаби)*

СПЕ́КТР *м физ.* спектр (*канлъул чIор призмаялдасан биччайгун лъугьунеб кьеразул чIоло*)

СПЕКУЛИ́РОВАТЬ *несов.* 1) *чем, на чем и без доп. (заниматься спекуляцией)* спекуляция гьабизе, учузго босараб жо хираго бичун хайир гьабизе 2) *на чем перен.* жиндиего хайир кколедухъ план, хIисаб гьабизе; **~ на тру́дностях** ругел захIмалъа-баздаса пайдаги босун, жиндиего хайир гьабизе (ругел захIма-лъабаздаса пайда босизе)

СПЕКУЛЯ́НТ *м* спекулянт, учузго босун хираго бичулев чи, спекуляция гьабулев чи

СПЕКУЛЯ́ НТКА *ж женск.* к **спекуля́нт**

СПЕКУЛЯТИ́ ВН//ЫЙ, -ая, -ое спекуляциялъул, спекуляциялда тIад гIуцIараб; **~ые це́ны** спекулянтазул багьаби

СПЕКУЛЯ́ЦИЯ *ж* 1) спекуляция *(хIукуматалъ гьукъараб даран гьаби*, *учузго босараб жо хираго бичун, хайир гьаби)* 2) *на чем перен.* захIматаб хIалалдаса пайдаги босун, жиндиего мунпагIаталъе (пайдаялъе*)* сверизаби

СПЕЛЕНА́ТЬ *сов. кого-что* бущине (*лъимер*)

СПЕЛЫЙ, -ая, -ое барщараб (*пихъ ва ц.*); **~ арбу́з** барщараб хъарпуз

СПЕРВА́ *нареч. разг.* цин, цебеккун, тIоцебе; **вы́ слушай ~, а пото́м возража́й** цин гIин тIаме, цинги инкар гьабе (*инкар гьабилалде, цин гIин тIаме*)

СПЕ́РЕДИ 1. *нареч.* цебесан, цебехун, цебесахун; **сесть ~** цевехун гIодов чIезе **2**. *предлог с род. п.* цебе; **сесть ~** *кого-л. лъиданиги* цеве гIодов чIезе

СПЕРЕ́ТЬ *сов.* 1) *кого-что прост. (украсть)* бикъизе, жунизабизе 2) бехъерхъизе, хъурщизабизе 3) къазе, чIинтIизе; хIухьел цIазе захIмалъизе

СПЕ́РМА *ж физиол.* сперма, гIачIинах, бихьинчиясул хьон (шагьват)

СПЕРМАТОЗО́ИД *м физиол.* сперматозоид, (*бихьинчиясул*) хьодул клетка (*шагьваталъул клетка)*

СПЁРТЫЙ, -ая, -ое: **~ во́здух** лагьараб гьава, бакIаб гьава

СПЕСИ́ ВЫЙ, -ая, -ое чIухIарав, гIамал кIудияв, пахруяв

СПЕСЬ *ж* чIухIи, гIамалкIодолъи, пахрулъи

СПЕТЬ[1] *сов. что (песню)* кечI ахIизе (*цо нухалъ*) ◊ **его́ пе́сенка спе́та** досул иш лъугIана (гIумру лъугIана)

СПЕ//ТЬ[2] *несов. (созревать)* барщизе; **я́ блоки ~ют** гIеч барщулеб буго

СПЕ́//ТЬСЯ *сов.* 1) (*о хоре*) кочIол бакъан рекъезе (*чанго чияс цадахъ ахIун*), цадахъ лъикI ахIизе ругьунлъизе 2) *перен. разг. неодобр.* бакъан рекъезе (*цощинаб ишалъулъ),* ргIи данде ккезе, рекъа-решон ккезе, пикру данде ккезе

СПЕХ *м разг.:* **э́то не к ~у** гIедегIизе жо гьечIо, гIедегIизе ккеларо; **на́ ~** гIедегIалихъе, гIедегIун

СПЕЦИАЛИЗА́ЦИЯ *ж* **1.** (*по гл.* **специализи́ровать**) махшел, гьунар цIикIкIинаби, камил гьаби **2.** (*по гл.* **специализи́роваться**) цо хасаб ишалда, махшалида тIадчIей гьаби; **~ произво́дства** производство хасаблъун гьаби

СПЕЦИАЛИЗИ́РОВАТЬ *сов. и несов.* 1) *кого-что в чем, на чем, по чему (обучить какой-л. специальности)* гьунар, махщел цIикIкIинабизе, махщел камил гьабизе 2) цо хасаб ишалда тIад чIезабизе; **~ совхоз** совхоз магIишаталъул цо хасаб бутIаялда хIалтIулеблъун гьабизе
магIишаталъул цо хасаб бутIаялда хIалтIулеблъун гьабизе

СПЕЦИАЛИЗИ́РОВАТЬСЯ *сов. и несов. в чем, на чем, по чему* махщел щвезе, цо хасаб махщелалда тIад чIезе

СПЕЦИАЛИ́СТ *м* специалист *(кинаб бугониги специальность бугев чи)*; махщел цIикIарав устар, махщел бугев чи

СПЕЦИА́ЛЬНО *нареч.* хас гьабун, цо мурадалъе гIоло, хасаб куцалда; **я пришёл ~ для встре́чи с ва́ми** дун вачIана хас гьабун нужгун дандчIвазе (*гIоло*)

СПЕЦИА́ЛЬНОСТЬ *ж* специальность (*гIелмуялъул, техникаялъул, искусствоялъул ва гь.ц. рахъалъан бугеб*), махщел, гьунар

СПЕЦИА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое хасаб; **~ый корреспонде́нт** хасав мухбир; **~ое образова́ние** цIалун щвараб хасаб махщел, гьунар, лъай

СПЕ́ЦИИ *мн.* (*ед.* **спе́ция** *ж*) тIагIамалъе кванилъе гьарулел батIи-батIиял нигIматал

СПЕЦИ́ФИКА *ж* хасаб хасият, хасаб тIабигIат, хасаб гIамал, хасаб хIал, хасаб рахъ; **~ нау́чной рабо́ты** гIелмияб хIалтIул хасаб хасият

СПЕЦИФИ́ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое, **специфи́чный,** -ая, -ое хасиятаб, хасаб; **~ие сво́йства** хасал хасиятал; **~ ий за́пах** хасаб, жиндиего хасиятаб махI

СПЕЦО́ВКА *ж разг.* производствоялда ретIунеб ретIел

СПЕЦОДЕ́ЖДА *ж* цо хасаб хIалтIуда ретIунеб ретIел

СПЕ́ЧЬСЯ *сов.* 1) бежизе, бежи гIезе 2) бакъвазе; к**ровь спекла́сь сгу́стками** би къентелал лъугьун бакъвана

СПЕ́ШИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **спе́шить(ся)**

СПЕ́ШИТЬ *сов. кого-что* рещтIинавизе (*чодаса),* рещтIаян буюризе

СПЕШ//И́ТЬ *несов.* 1) (*торопиться*) гIедегIизе, хехлъи гьабизе, хIалакине; **~ на по́мощь** кумекалъе гIедегIизе 2) (*о часах*) цебе ине, цебе ккезе; **часы́ ~а́т на пять мину́т** сагIат щуго минуталъ цебе кколеб (*унеб*) буго

СПЕ́ШИТЬСЯ *сов.* решIине, чодаса гъоркье решIине

СПЕ́ШК//А *ж* гIедегIи, хехлъи, хIалакин; **в ~е забы́ть** гIедегIиялъ кIочене (кIочон тезе)

СПЕ́ШНО *нареч.* хIалакун, гIедегIун, хъата-масан

СПЕ́ШН//ЫЙ, -ая, -ое хехаб, гIедегIараб, хIалакараб;**~ая рабо́та** гIедегIараб хIалтIи

СПИВА́ТЬСЯ *несов. см.* **спи́ ться**

СПИД *м мед.* спид (*ахираб заманалда тIибитIараб, гIемериседб мехалъ саяхълъиялдасан, наркоманаздасан бахунеб дару гьечIеб унти*)

СПИДО́МЕТР *м* спидометр (*автомобилалъул ва ц. машинабазул хехлъи ва гьез тараб манзил бихьизабулеб алат*)

СПИ́ ЛИВАТЬ *несов. см.* **спили́ ть**

СПИЛИ́ ТЬ *сов. что* хъухъазе, хъухъадироялъ къотIизе

СПИН//А́ *ж* мугъ; **взвали́ ть на́ ~у** мугъалда чIвазе, мугъалде бахинабизе; **лежа́ть на ~е́** мугъалда вегизе; **поверну́ться ~о́й** *к кому-чему-л.* мугъ кьезе, мугъ рехизе ◊ **де́лать** *что-л.* **за ~о́й** *у кого-л. щибниги лъида букIаниги* лъачIого гьабизе, балъго гьабизе

СПИ́НКА *ж* 1) *уменьш. от* **спина́** 2) (*у стула, дивана*) бакIил, тахил мугъ цулеб бакI, мугъчIвай 3) (*часть одежды*) ратIлил мугъаб рахъ; **вы́кроить спи́нку пиджака́** пиджакалъул мугъаб рахъ лъутIизе

СПИ́ ННИНГ *м (снасть)* чугIа кколеб тIил, спиннинг

СПИНН//О́Й, -а́я, -о́е мугъзал; **~о́й хребе́т** мугъзал гьод; **~о́й мозг** гьодил нах

СПИРА́Л//Ь *ж* спираль (*чармил кун сунданиги тIад кьурун гьабураб пружина*)

СПИРТ *м* спирт

СПИРТН//О́Й, -а́я, -о́е **1.** спирт гьорлъ бугеб; **~о́й за́пах** спирталъул махI **2**. *в знач. сущ.* **~о́е** *с* мехтизарулеб гьекъел, гIаракъи-чагъир

СПИРТОВА́ТЬ *несов.* спирталда гъорлъ лъезе; гъорлъе спирт жубазе, тIезе (*чагъиралъул къвакIи цIикIкIине*)

СПИРТО́ВКА *ж* спиртовка (*спирталъул чирахъ)*

СПИРТОВО́Й, -а́я, -о́е спирталъул; спирталда гьабураб; **~ компре́сс** спирталъул компресс

СПИСА́ТЬ *сов.* 1) *что, что с чего* цогидалъухъ балагьун хъвазе; **~ зада́чу с доски́** доскаялдасан масъала хъвазе 2) *что* документги гьабун, харж гьабураб яги ярагьунареб тIаса бахъизе 3) чияралдасан хъвазе (*мас.: сочинение*)

СПИСА́ТЬСЯ *сов. с кем-чем* цоцахъе кагътал хъван бухьен, гьоркьоблъи гьабизе

СПИ́ СОК *м* список, сияхI; **~ избира́телей** жидеца рищулезул (*гьаракь кьолезул*) сияхI; **соста́вить ~** сияхI гьабизе

СПИ́ СЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **списа́ть(ся)**

СПИТО́Й, -а́я, -о́е *разг.*: **~ чай** къуват лъугIараб чай; чанцIулго тIаде лъим тIеялъ тIагIам лъугIараб чай

СПИ́ ТЬСЯ *сов.* гьекъолдухъан лъугьине (*вахъине*)

СПИ́ ХИВАТЬ *несов. см.* **спихну́ть**

СПИХНУ́ТЬ *сов.* 1) *кого-что разг.* тункун гъоркье рехизе, тункун биччазе, тункун нахъе гьабизе 2) *что перен. (избавиться от кого-л.)* нахъе гьавизе, тIаса вихьизавизе

СПИ́ЦА *ж* 1) (*для вязания*) хьухьарулеб гIучI 2) гьакил мильир ◊ **пя́ тая ~ в колесни́ це** хIажат гьечIев чи

СПИ́ЧЕЧН//ЫЙ, -ая, -ое спичкабазул, спичкадул; **~ый коробо́к** спичкабазул къали; **~ая фа́брика** спичкаби гьарулеб фабрика

СПИ́ЧКА *ж* спичка ◊ **худо́й как ~** спичкадул гIучI гIадав хIалакъав

СПЛАВ[1] *м* сплав (*батIи-батIиял металлал журан, риун гьабураб жо*); **~ ме́ди с зо́лотом** пахьги меседги жубараб жо

СПЛАВ[2] *м* (*по гл.* **спла́вить**[2]) тIами; бачин, гIоралъ биччай; **~ ле́са по реке́** гIоралъ (*гIорттIасан*) цIул бачин

СПЛА́ВИТЬ[1] *сов. что тех.* биун цоцалъ жубазабизе (*цо чанго металл*)

СПЛА́ВИТЬ[2] *сов.* 1) *что* гIоралъ эхебе бачине; **~ лес** цIул гIоралъ эхебе бачине 2) *кого-что перен. разг. (избавиться*) тIаса ккезабизе, рикIкIад гьабизе, тIаса инабизе (*хашаб жо*)

СПЛА́ВИТЬСЯ *сов.* биун цоцалъ жубазе

СПЛАВЛЯ́ ТЬ[1,2] *несов. см.* **спла́вить**[1,2]

СПЛАНИ́РОВАТЬ *сов. что (составить план)* план бахъизе, план гьабизе, планалде босизе

СПЛА́ЧИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **сплоти́ ть(ся)**

СПЛЁВЫВАТЬ *несов. см.* **сплю́ нуть**

СПЛЕСТИ́ *сов. что* 1) хьухьине; **~ корзи́ ну** гьегъ хьухьине; **~ кру́жево** гуржиба хьухьине 2) (*напр. пальцы рук*) цоцалъе ри-ччазе (*квервзул килщал*) ◊ **~ небыли́ цу** гьерсал рекъезаризе, рукIунарел, лъугьунарел жал (*хъабурхьаби*) рицине

СПЛЕ//СТИ́ СЬ *сов.* жема-къемун ккезе, жем-жемизе, цоцалъ хьухьине; **ко́рни ~ли́ сь** кьалбал жем-жемун руго

СПЛЕТА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **сплести́ (сь)**

СПЛЕТЕ́НИЕ *с* хьухьин, жема-къемун ккей; цоцалъ жемараб бакI

СПЛЕ́ТНИК *м* мацIихъан, нахъасан гаргадулев чи, бугьтанчи, гъвелчи

СПЛЕ́ТНИЦА *м* мацIихъан, нахъасан гаргадулей гIадан

СПЛЕ́ТНИЧАТЬ *несов.* мацIал гьаризе, бугьтанал лъезе

СПЛЕ́ТНЯ *ж* мацI (*чияца гьабулеб*), бугьтан, гъвел

СПЛЕЧА́ *нареч.* 1) (*наотмашь*) гъеж сукIичIого, кутакалда тIасагъоркье хьвагIун 2) *перен. (без раздумий*) ургьичIого, гIедегIун, кIвар гьечIого

СПЛОТИ́ТЬ *сов.* 1) *что (скрепить)* цоцалъ щула гьабизе, гъункизабизе 2) *кого-что перен. (объединить)* цолъизаризе, цоцазулгун бухьен щула гьабизе; **~ коллекти́в** коллектив цоцалъ гъункизабизе, щула гьабизе

СПЛОТИ́ТЬСЯ *сов. (объединиться)* цолъизе, бухьен щулалъизе, гъункизе

СПЛОХОВА́ТЬ *сов. разг.* тохлъизе, мекъса ккезе, мекъса гьабизе

СПЛОЧЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **сплоти́ть**) цоцалъ щулалъизари, гъункизари **2**. (*по гл.* **сплоти́ тться**) цо́лъи, гъу́нки

СПЛОЧЁННОСТЬ *ж* **1.** цолъи́, гъунки́ **2.** цоцалъ гъункун рукIин

СПЛОЧЁННЫЙ, -ая, -ое (*дружный*) цолъараб; цоцалъ гъункараб; **~ коллекти́ в** гъункараб коллектив

СПЛОШН//О́Й, -а́я, -о́е 1) цого жо лъугъараб, гьоркьоса къотIи гьечIеб; **~о́й лес** (*киса-кибего бугеб*) гьоркьоса къотIи гьечIеб рохь 2) (*всеобщий*) тIубараб, щибго гьоркьоб течIого гьабулеб; **~ая электрифика́ция** киналго токалдалъун хьезари 3) *перен.* гIицIаб; **~о́й вздор** гIицIаб, батIияб жо гьоркьоб гьечIеб гьереси

СПЛОШЬ *нареч.* гьоркьоб батIияб жо гьечIого, гIицIго; **всю неде́лю ~ шли дожди́** тIубараб анкьалъ гьоркьор къотIичIого цIадал ралел рукIана; **все ~ гра́мотны** киналго хъвазе-цIализе лъалел руго ◊ **~ и ря́ дом** киса-кибего

СПЛЮ, спишь *и т.д. наст. от* **спать**

СПЛЮ́НУТЬ *сов. что и без доп.* 1) къватIибе тузе 2) тIаде тузе

СПЛЮ́СНУТЫЙ, -ая, -ое чIинтIараб, хъибихъараб, тIепараб; **~ нос** чIинтIараб мегIер

СПЛЮ́ СНУТЬ *сов. см.* **сплю́ щить**

СПЛЮ́ ЩИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **сплю́ щить(ся)**

СПЛЮ́ЩИТЬ *сов. что* чIинтIизабизе, тIепизабизе, хъибихъизабизе

СПЛЮ́ ЩИТЬСЯ *сов.* чIинтIизе, тIепизе, хъибихъизе

СПЛЯСА́ТЬ *сов. что и без доп.* кьурдизе

СПОДВИ́ЖНИК *м* кIудияб ишалъе гьалмагълъи гьабурав чи, цадахъ къеркьарав гьалмагъ

СПОДВИ́ ЖНИЦА *ж* кIудияб ишалъе гьалмагълъи гьабурай гIадан, цадахъ къеркьарай гьалмагъ

СПОДРУ́ ЧНЫЙ, -ая, -ое *прост.* **1.** санагIатаб, квегIенаб, гьабизе бигьаяб **2.** кумекчи; хадучи, пагьла

СПОЗАРА́НКУ, СПОЗАРА́НОК *нареч. разг. (рано утром*) цудунго, радакьго, боцIолъго; рогьалилъ; **встать** ~ цудунго вахъине

СПОИ́ТЬ *сов.* 1) *кому что (дать выпить)* гьекъезе жо кьезе 2) *кого-что (приучить к пьянству)* гьекъолдизавизе, гьекъолдизе ругьун гьавизе

СПОКО́ЙНО 1. *нареч.* парахатго, гIодове виччан, цо хIалалда чIун; **сиде́ть ~** парахатго гIодов чIезе, гIодове виччан чIезе; **говори́ ть ~** гIодове виччан кIалъазе **2**. *в знач. сказ. безл.* парахатго вуго; гIодове виччан вуго; **на душе́ ~** ракI гIодобе биччан бугo

СПОКО́ЙН//ЫЙ, -ая, -ое гIодове виччарав, сабурав, гъалмагъир гьечIев, парахатав; **~ое мо́ре** гIодобе биччараб ралъад; **~ый о́браз жи́ зни** парахатаб гIумру; **~ый хара́ктер** сабураб хасият ◊ **~ой но́чи** сордо лъикI; **бу́дьте ~ы** парахат рукIа, ургъел гьабуге; **со ~ой со́вестью** гьумер хъахIго, хъал бацIцIадго; намус бацIцIадго

СПОКО́ЙСТВИЕ *с* 1) (*тишина, покой*) гIодобе биччай, сасин; **в лесу́ цари́ло ~** рохьоб гIодобе биччан букIана (*рохьоб гIодобе биччаялъ ханлъи гьабулеб букIана*) 2) (*отсутствие волнений, тревог*) парахалъи, хIалхьи 3) (*уравновешенность)* гIодове виччай, сабру; **сохраня́ ть ~** сабру гьабизе, гIодове виччан чIезе

СПОКО́Н : ~ ве́ку (веко́в) *разг.* вижараб къоялдаса нахъе, некIогоялдаса нахъе, цIакъ цебегоялдаса нахъе; умумулъанго

СПОЛА́СКИВАТЬ *несов. см.* **сполосну́ть**

СПОЛЗА́ТЬ *сов.* хъурщун ун, нахъе вачIине (*хъурщун кивениги щвезе ва нахъе вачIине*)

СПОЛЗА́ТЬ *несов. см.* **сползти́**

СПОЛЗТИ́ *сов.* 1) (*ползком спуститься)* гъоркье хъурщизе, хъурщун гъоркье ине 2) (*сдвинуться)* дагь-дагьккун гIодобе гьунун ине, ччукIун ине 3) *перен.* дагь-дагьккун цIиялдаса, цебе тIуралдаса нахъе къазе

СПОЛНА́ *нареч.* тIубан, тIолабго, кинабго; **де́ньги полу́чены ~** кинабго гIарац щвана; **хва́тит ~** гIунги тIокI буго

СПОЛОСНУ́ ТЬ *сов. что разг.* хулизе, дагьабго чура-хулизе

СПОЛО́Х *м (вспышка молнии, зарница)* пири пирхи, зодил кунчIи

СПОР *м* 1) къец, дагIбади, дагIба-къец 2) дагIба; **зате́ять ~** дагIба базе лъугьине, дагIбаялде байбихьизе ◊ **~у нет** щаклъи гьечIо, тIад кIалъазе, дагIба базе жо гьечIо

СПОРАДИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое нагагьаб, даимаб гуреб; гьоркьо-гьоркьоб букIунеб

СПО́РИТЬ *несов. с кем* дагIбадизе, къацандизе; тIад кIа-лъазе; данде къеркьезе 2) (*заключить пари*) гьоркьоб жо базе (*чалтук базе*)

СПО́РИ//ТЬСЯ *несов. разг.* данде билълъине; битIа-бишун ине (*хIалтIи*), гьираялда ине; **де́ло ~тся** иш битIа-бишун унеб буго

СПО́РНЫЙ, -ая, -ое тIадкIалъай бугеб, дагIбадулаб, дагIба базе бегьулеб; **~ вопро́с** дагIбаялда бугеб суал

СПОРО́ТЬ *сов. что (удалить)* чIалхине, чIалхун нахъе рахъизе; **~ пу́говицы с пальто́** пальтоялдаса тIаби (маргъалал) чIалхун нахъе рахъизе

СПОРТ *м* спорт (*гимнастика, гугари, бокс, теннис...*)

СПОРТИ́ВН//ЫЙ, -ая, -ое спорталъул, спорталда хурхараб; **~ые принадле́жности** спорталъе къваригIунел жал; **~ый костю́ м** спорталъул костюм (спорталда ретIунеб костюм)

СПОРТСМЕ́Н *м* спортсмен (*даимго спорталда тIад чIарав чи*)

СПОРТСМЕ́НКА *ж* спортсменка (*даимго спорталда тIад чIарай гIадан*)

СПОРХНУ́ ТЬ *сов. (о птице, бабочке и т.п.*) пархун боржун ине

СПО́РЩИК *м разг.* дагIбадулав, дагIба-рагIи гIемерав чи, дагIбадулев чи, гIемер дагIбадизе бокьулев чи, къацандухъан

СПО́РЩИЦА *ж разг.* дагIбадулай, дагIба-рагIи гIемерай гIадан, дагIбадулей гIадан, гIемер дагIбадизе бокьулей гIадан, къацандухъан

СПО́Р//ЫЙ, -ая, -ое *разг. (о работе и т.п.*) хехаб, лъикI унеб, хIасил кколеб, данде билълъунеб, хехго цебе тIолеб; **~ая рабо́та** хехго цебе тIолеб хIалтIи

СПОРЫНЬЯ́ *ж (болезнь злаков*) тIорол унти

СПО́СОБ *м* къагIида, куц, гIамал, нух; **~ произво́дства** производствоялъул къагIида; **~ употребле́ния лека́рства** дару гьекъолеб, хIалтIизабулеб куц; **таки́ м ~ом** гьадинаб куцалда

СПОСО́БНОСТ//Ь *ж* 1) (*умение, свойство)* бажари, махщел, бажари буголъи; **~ лета́ть** боржине бажари 2) *мн.* **~и** (*одарённость*) гьунар, пагьму, махщел буголъи (букIин)

СПОСО́БНЫЙ, -ая, -ое гьунар бугев, *сундуениги* бажари бугев, махщел бугев, пагьму бугев; **он спосо́бен рабо́тать без о́тдыха** гьесухъа хIалхьи гьабичIого хIалтIун бажарула; **~ учени́к** пагьму бугев цIалдохъан

СПОСО́БСТВОВАТЬ *несов. кому-чему* квербакъи гьабизе, кумек гьабизе, санагIалъи ккезабизе, санагIат гьабизе, сабаблъун ккезе; **~ побе́де** бергьенлъиялъе квербакъи гьабизе

СПОТКНУ́ТЬСЯ *сов.* 1) малъ кIутIизе, *сунданиги* тункизе; доба-гьаниб тенкезе; **~о ка́мень** ганчIида малъ кIутIизе, тункизе 2) *перен. разг.* бабадизе, дуъдуизе; **~ при чте́нии** цIалулаго бабадизе, къосун ккезе

СПОТЫКА́ТЬСЯ *несов. см.* **споткну́ться**

СПОХВАТИ́ТЬСЯ *сов. разг.* танкан ракIалде бачIине (*щвезе*), рекIеда ватизе; **~ во́время** жиндир заманалда рекIеда ватизе

СПОХВА́ТЫВАТЬСЯ *несов. см.* **спохвати́ ться**

СПРА́ВА *нареч.* кваранса, кваранаб рахъалдасан; **~ от доро́ги** нухлул кваранаб рахъалдасан

СПРАВЕДЛИ́ВО *нареч.* битIун, дурусго, гIадилго; **поступа́ть ~** битIун гьабизе

СПРАВЕДЛИ́ВОСТЬ *ж* ритIухълъи, гIадиллъи, инсап буголъи ◊ **отда́ть ~** битIараб къимат кьезе, хIалтIуда рекъон къимат кьезе

СПРАВЕДЛИ́В//ЫЙ, -ая, -ое витIарав, дурусав, гIадилав, инсап бугев, хIакъаб жо абулев, гьабулев; **~ый судья́** витIарав диванбег; **~ые тре́бования** ритIарал тIалабал

СПРА́ВИТЬ *сов. что разг.* гьабизе; **~ сва́дьбу** бертин гьабизе; гIадлуялде бачине; хIадур гьабизе; хIажатабщиналдалъун хьезабизе

СПРА́ВИТЬСЯ *сов.* 1) *с чем* бажаризе, кIвезе; **~ с рабо́той** хIалтIи гьабун бажаризе 2) *о ком-чем* цIехон лъазабизе; **~ о здоро́вье** сахлъи цIехезе; **~ в словаре́** словаралде ваккун лъазабизе

СПРА́ВК//А *ж* 1) (*сведения*) къваригIараб баян; **получи́ ть ~у** баян щвезе 2) (*документ*) справка; **получи́ть ~у** справка щвезе, босизе

СПРАВЛЯ́ ТЬ *несов. см.* **спра́вить**

СПРАВЛЯ́ ТЬСЯ *несов. см.* **спра́виться**

СПРА́ВОЧНИК *м* справочник (*сундулниги хIакъалъулъ къокъаб ва дурусаб баян босизе рес бугеб тIехь*)

СПРА́ВОЧН//ЫЙ, -ая, -ое справкаби ругеб, справкаялъулаб; баян кьолеб, справкаби кьолеб; **~ ое бюро́** справкаби кьолеб бюро, баян кьолеб бюро

СПРА́ШИВАТЬ *несов. см.* **спроси́ ть**

СПРА́ШИВА//ТЬСЯ *несов. см.* **спроси́ться**; **~ется** *в знач. вводн. сл.* гьикъулеб буго

СПРЕССОВА́ТЬ *сов. что* данде къан рекIинабизе (*цохIого жо лъугьинабизе*)

СПРЕССОВА́ТЬСЯ *сов. что* данде къан рекIине (*цохIого жо лъугьине*)

СПРЕССО́ВЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **спрессова́ть(ся)**

СПРИ́ НТЕР *м спорт.* спринтер (*къокъаб манзилалъ векерулев, лъедолев спортсмен)*

СПРИНЦЕВА́НИЕ *с* пунхъи; лъим яги дару пунхъун ругъун, унтараб бакI чури

СПРИНЦЕВА́ТЬ *несов. что* пунхъизе; лъим яги дару пунхъун ругъун, унтараб бакI чуризе

СПРИНЦЕВА́ТЬСЯ *несов.* жинцаго жиндирго ругъун, унтараб бакI чуризе

СПРИНЦО́ВКА *ж* **1.** (*по гл.* **спринцева́ть**) пунхъи **2**. (*приспособление*) пунхъулеб алат

СПРОВА́ДИТЬ *сов. кого-что разг.* лъидасаниги ратIалъизе (тIезе) бокьун *кивениги* витIизе

СПРОВА́ЖИВАТЬ *несов. см.* **спрова́дить**

СПРОВОЦИ́РОВАТЬ *сов.* 1) *кого-что на что* гьечIеб бакIалдасан питна багъаризабизе; **~ на ссо́ру** кьалде ахIизе 2) *что*: **~ конфли́ кт** питна багъаризабизе, кьал ккезабизе

СПРОЕКТИ́ РОВАТЬ *сов. что* проект гьабизе

СПРОС *м* 1) цIехей, гьикъи; **ушёл без ~а** гьикъичIого ана 2) гьари; хIажалъи; **~ не беда́** гьари гIайиб гуро; **большо́й ~ на кни́ -ги** тIахьазде кIудияб хIажалъи буго ◊ **без ~а (~у)** гьикъичIого, изну гьечIого

СПРОСИ́ТЬ *сов.кого, что, чего в разн. знач.* гьикъизе, цIехезе; тIалаб гьабизе; гьаризе; **~ ученика́** цIалдохъанасда гьикъизе; **~ сове́та** гIакълу гьикъизе; **э́ту рабо́ту с меня́ спро́сят** гьаб хIалтIи дидаса тIалаб гьабула; **с тебя́ за всё спро́сят** дудаса киналъулго тIалаб гьабизе буго (*дуца киналъулго жаваб кьезе буго*)

СПРОСИ́ТЬСЯ *сов.* 1) *кого, у кого разг. (попросить разрешения*) изну босизе, рухса тIалаб гьабизе, бегъулищан гьикъизе 2) *безл. с кого*: **за э́ то с тебя́ спро́сится** гьелъие гIоло дудаса тIалаб гьабизе буго

СПРОСО́НОК, СПРОСО́НЬЯ *нареч. разг.* макьидаса вигьинчIого, макьилъго

СПРОСТА́ *нареч.* чIалгIадего; гьадинго; гIадатлъиялъ; щибго мурад гьечIого

СПРУТ *м* 1) *зоол.* кIудияб осьминог (*микьго квачI бугеб ралъдал хIайван)* 2) *перен.* хъантIарав чи, хъантIуч

СПРЫ́ ГИВАТЬ *несов. см.* **спры́ гнуть**

СПРЫ́ГНУТЬ *сов. с кого-чего* кIанцIизе; кIанцIун гъоркье лъугьине; тIаса гъоркье кIанцIизе

СПРЫ́ СКИВАТЬ *несов. см.* **спры́ снуть**

СПРЫ́ СНУТЬ *сов. что разг.* пунхъун биччизабизе

СПРЯГА́ТЬ *несов. что грам.* глагол формабазде хисизабизе

СПРЯГА́ТЬСЯ *несов. грам.* глаголал формабазде хисизе

СПРЯЖЕ́НИ//Е *с грам.* **1.** (*по гл.* **спряга́ть**) глагол формабазде хисизаби **2**. (*по гл.* **спряга́ться**) глагол формабазде хиси **3.** (*группа глаголов*) спряжение (тип); **глаго́лы пе́рвого ~я** тIоцебесеб спряжениялъул глаголал

СПРЯ́ ТАТЬ *сов. кого-что* бахчизе, бахчун тезе

СПРЯ́ ТАТЬСЯ *сов.* тIагIине, берда цебеса тIерхьине, бихьулареб бакIалда бахчун чIезе

СПУ́ ГИВАТЬ *несов. см.* **спугну́ть**

СПУГНУ́ТЬ *сов. кого-что* хIинкъизабун бачахъизе, лъутизабизе; **~ птиц** хIанчIи хIинкъизарун роржинаризе

СПУД *м*: **держа́ть** *что-л.* **под ~ом** *щибниги жо* нахъе лъун тезе, бахчун цIунизе; хIалтIизабичIого тезе

СПУСК *м* **1.** (*по гл.* **спусти́ть**) тIаса гIодобе биччай, тIаса гIодобе балагьизаби; **~ корабля́ на́ воду** гама лъелъе биччай; **~ фла́га** байрахъ гIодобе биччай **2**. (*по гл.* **спусти́ ться**) тIаса гIодоре рещтIин; **~ в ша́хту** шахтаялъуре риччай **3**. (*в огнестрельном оружии*) кIанкIичI **4**. (*склон*) эхеберай, гIодоберай; **крото́й ~** бадибе балагьараб эхеберай ◊ **не дава́ть ~у** ккараб гIайибалдаса, инжит гьавиялдаса тIаса лъугьунгутIизе; гурхIунгутIизе

СПУСКА́ТЬ *несов. см.* **спусти́ ть**; **не ~ глаз** *с кого-чего-л.* бер тIаса босунгутIизе

СПУСКА́//ТЬСЯ *несов.* **1.** *см.* **спусти́ться 2.** гIодобе биччазе, цо рахъалде беги (*регел*) букIине, дагь-дагьккун тIебел базе, тIасагъоркье балагьизе **3**. далун букIине

СПУСКОВО́Й, -а́я, -о́е *щибниги* гIодобе биччазе, рещтIине хIалтIизабулеб, *щибниги* (*хIалтIизе*) биччазе хIалтIизабулеб

СПУСТИ́ТЬ *сов.* 1) *кого-что* тIаса гIодобе биччазе, жанибе биччазе; **~ ведро́ в коло́дец** ведро гъуялъубе бичазе 2) (*построив или отремонтировав, пустить на воду)* **~ шлю́ пку на́ воду** раса лъелъе биччазе; **~ флаг** байрахъ гIодобе биччазе 3) *что разг. (отправить нижестоящим организациям)* балагьизабизе, би-тIизе; **~ в райо́ны директи́ ву це́нтра** районазде централъул буюрухъ битIизе 4) *кого-что* биччан тезе; **~ соба́ку с цепи́** гьой рахсидаса биччан тезе 5) *что* гIодобе биччазе; къватIибе чвахизе биччазе; **~ во́ду** лъим гIодобе чвахизе биччазе; **~ во́ду из руда́** хIориниса лъим къватIибе биччазе 6) *что и без доп.* чучизе; **ка́мера спусти́ ла** камера чучана; **~ куро́к** кIанкIич (*кIонкIо*) би-ччан тезе (*кьвагьизе)* ◊ **~ шку́ру** *с кого-л.* цIоко бахъизе (*кутакалда вухизе*); **рабо́тать спустя́ рукава́** кIвар гьечIого, кин батаниги, тIасамасаго хIалтIизе

СПУСТИ́ //ТЬСЯ *сов.* 1) гIодобе рещтIине, (*гъоркье*) лъугьине; **~ться с горы́** магIардаса гъоркье лъугьине 2) (*сесть – о птицах, самолете)* гIодоб рещтIине 3) эхебе балагьун ине 4) *перен. (о тумане и т.п.)* тIупун лъезе 5) (*о петле в вязанье)* бичун ине, кIичI борчIизе 6) гIодобе ккезе, дагьлъизе; **жара́ ~лась** багIари гIодобе ккана

СПУСТЯ́ *предлог с вин. п.* ун хадуб; **~ год** лъагIел ун хадуб

СПУ́ТА//ТЬ *сов.* 1) *что* бигьинабизе, жуба-гъубазабизе; **~ во́лосы** рас бигьинабизе 2) *кого-что с кем-чем* батIа гьабизе лъангутIизе, къосине; **я ~л вас с други́м челове́ком** дида мун къосана, ватIа гьавизе лъачIо 3) *перен.* мекъса ккезабизе ◊ **~ть** *чьи-л.* **пла́ны** *лъилниги* планал, ракIалда бугеб жо мекъса ккезабизе ◊ **~ка́рты** *перен.* кинабго (*планал, хIисабал*) хвезабизе, бигьинабизе

СПУ́ТАТЬСЯ *сов.* 1) (*о нитках и т.п.)* жуба-гъубазе, бигьине, батIа бахъизе кIунгутIизе; низам хвезе, гIадлу биххизе 2) (*сбиться, ошибиться*) мекъса ккезе, гъалатI ккезе

СПУ́ТНИК *м* 1) (*попутчик*) нухлул гьалмагъ; нухцадахъ; гIумруцадахъ ◊ **~ жи́зни** рос 2) *астр.* спутник; **луна́ – ~ земли́** моцI ракьалъул спутник ккола

СПУ́ТНИЦА *ж* нухлул гьалмагъ (*чIужугIадан*); нухцадахъ; гIумруцадахъ ◊ **~ жи́ зни** лъади

СПУТЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **спу́тать(ся)**

СПЬЯНА́, СПЬЯ́ НУ *нареч. разг.* мехтун, мехтараб мехалъ, мехталикье

СПЯ́ТИ//ТЬ *сов. разг.* бетIер сверизе, гIадаллъизе; **ты что, ~л?** щиб, мун гIадаллъунищ вугев?; **~ть с ума́** гIакълуялдаса ине, гIадаллъизе, бетIер сверизе

СПЯ́ЧКА *ж* 1) (*у животных*) кьижи (*хасало цо-цо жанавара́л ихдаллъаган кьижараб хIалалда рукIин*) 2) *перен.* щибго гьабичIого, чIей; макьихин; бакIаб, рорчIулареб макьу

СПЯ́Щ//ИЙ, -ая, -ее **1.** кьижараб; **~ий ребёнок** кьижараб лъимер **2.** *в знач. сущ.* **~ий** *м:* **разбуди́ ть ~их** кьижарал рорчIизаризе

СРАБА́ТЫВАТЬСЯ[1,2] *несов. см.* **сраба́таться**[1,2]

СРАБО́ТАТЬСЯ[1] *сов. (износиться от работы*) гIемер хIалтIун басралъизе, чIикIизе

СРАБО́ТАТЬСЯ[2] *сов. (достигнуть согласованности в работе)* хIалтIулъ цоцазде ругъунлъизе (*цояв цоясде*), ргIи данде ккезе

СРАВНЕ́НИ//Е *с* **1.** (*по гл.* **сравни́ ть**) дандекквей; **по ~ю с ним** досда (*долда*) данде ккун **2**. цо предмет цогиялда релъдъинабулеб калам ◊ **не поддаётся никако́му ~ю** кинаб бугониги дандекквей (кIудияб батIалъи букIиналъ) гьабизе бегъуларо

СРА́ВНИВАТЬ[1] *несов. см.* **сравни́ ть**

СРА́ВНИВАТЬ[2] *несов. см.* **сравня́ ть**

СРА́ВНИВАТЬ[3] *несов. см.* **сровня́ ть**

СРАВНИ́ М//ЫЙ, -ая, -ое данде кколеб, данде кквезе бегьулеб

СРАВНИ́ТЕЛЬНО *нареч.* 1) (*по сравнению с кем-чем-л.*) данде ккун, данде ккун балагьани; гIураб къадаралда; **~ с про́шлым го́дом** араб соналда данде ккун 2) (*более или менее*) цогидазда данде ккун; **он ~ ма́ло расхо́дует** цогидазда данде ккун гьес дагь харж гьабула

СРАВНИ́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое 1) дандекквеялъул, дандекквеялда тIад гIуцIараб; цогидалда данде ккун къимат кьолеб; цогидалда данде кквеялда хурхараб; **~ый ме́тод иссле́дования** цIех-рехалъул дандекквеялъул къагIида 2) *грам.* дандекквеялъе хIалтIизабулеб; дандекквеялъул ◊ **~ые сою́зы** дандекквеялъул союзал

СРАВНИ́ТЬ *сов.кого-что* 1) гьоркьоб бугеб батIалъи чIезабизе, аскIобе бачун данде кквезе 2) (*приравнять*) релъгьинабизе, бащад гьабизе, цоцада данде кквезе; **его́ с тобо́й нельзя́** ~ дов дуда данде кквезе (*гьавизе*) бегьуларо

СРАВНИ́ ТЬСЯ *сов. с кем-чем* цогияблъун букIине, цогиялда релъгьун букIине, цогиялда данде ккун букIине, цогиялда релъгьине

СРАВНЯ́ ТЬ *сов. кого-что (сделать равными)* бащад гьабизе, цохIогояблъун гьабизе

СРАВНЯ́ ТЬСЯ *сов. с кем-чем (сделаться равным)* бащалъизе, цохIо лъугьине

СРАЖА́ТЬ *несов. см.* **срази́ ть**

СРАЖА́ТЬСЯ *несов.* 1) *с кем-чем (вести бой)* рагьизе, рагъда гьоркьор гIахьаллъизе 2) *во что разг. (азартно играть)* цIакъ тIаделъун, шавкъ щун хIазе

СРАЖЕ́НИЕ *с* 1) рагъ; яргъилаб тунка-гIуси, кьал; **дать ~** рагъ гьабизе; **вы́играть ~** кьалда бергьине 2) *перен. (спорт, схватка)* дагIба-рагIи, къец, кьеркьей

СРАЗИ́ ТЬ *сов. кого-что* 1) (*убить*) чIвазе; гIодов лъезе; **его́ срази́ла вра́жеская пу́ля** тушманасул гуллица чIвана гьев 2) *перен.* къезаризе, мутIигI гьаризе, бергьине 3) гIумруялдаса махIрум (*ватIа*) гьавизе

СРАЗИ́ ТЬСЯ *сов. см.* **сража́ться**

СРА́ЗУ *нареч.* циндаго, цихIиндаго, гьебсагIатго

СРАМ *м (позор)* рогьоб, нич, гIайиб

СРАМИ́ ТЬ *несов.* суризавизе, къабихI гьавизе; басра гьавизе, нечезавизе; семизе, инжит гьавизе

СРАМИ́ ТЬСЯ *несов. разг.* суризе, къабихIлъизе, басралъизе

СРАМНО́Й, -а́я, -о́е сурараб, къабихIаб

СРАМОТА́ *ж прост.* сури, къабихIлъи, инжитлъи

СРАСТА́НИЕ *с* (*по гл.* **срасти́ ть**) бижи, бижун цоцалъ жубай; **~ косте́й** (*после переломов*) рукьби цоцазда рекIин (*рекун хадур*)

СРАСТА́ТЬСЯ *несов. см.* **срасти́ сь**

СРАСТИ́СЬ *сов.* бижулаго цоцалъ жубазе; цоцада рекIине (*бекараб ракьа)*; **сло́манная кость сросла́сь** бекараб ракьа (*цоцада*) рекIана; тIоларе куцалъ (*щулаго*) рекIине; *лъидениги-сунденигu* ругьунлъизе, рекъон ккун рукIине

СРАСТИ́ ТЬ *сов. что* бацIцIине, рекIинабизе; **~ концы́ кана́та** кварил кIиябго кIал цоцада бацIцIине

СРАЩЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **срасти́ ть**) рекIинаби 2) (*по гл.* **срасти́ сь**) рекIин, бижулаго цоцалъ жубай

СРА́ЩИВАНИЕ *с* **1.** (*по гл.* **сра́щивать**) тIубан цолъизаби, цолъун гъункизаби, цоцада рекIинаби **2**. (*по гл.* **сра́щиваться**) тIубан цолъи, цолъун гъунки, цоцада рекIин

СРА́ЩИВАТЬ *несов. см.* **срасти́ ть**

СРА́ЩИВАТЬСЯ *несов. см.* **срасти́ сь**

СРЕД//А́[1] *ж (день недели)* арбагI, арбагI къо

СРЕДА́[2] *ж* 1) сверухълъи, сверухълъиялда бугеб жо; ахIвал-хIал; **возду́шная ~** гьаваялъул сверухълъи 2) шартIал (*тIаби-гIиял, социалиял*...); **истори́ческая ~** историялъулал шартIал 3) гIадамазда сверухъ бугеб социалиябгун рукIа-рахъиналъул ахIвал-хIал; *гьединаб* ахIвал-хIалалъ, ишаз, махшелаз цолъизарурал гIадамал

СРЕДИ́ *предлог с род. п.* 1) (*в середине*) бакъулъ; **~ го́рода** шагьаралъул бакъулъ; **~ но́чи** сардилъ 2) (*в числе других предметов, лиц*) гьоркьоб, жаниб; **~ нас** нилъеда гьоркьоб; **~ книг** тIахьазда гьоркьоб; **броди́ть ~ дере́вьев** гъутIбузда гьоркьоса гIебеде тира-сверизе

СРЕ́ДНЕ *нареч.* гьоркьохъеб куцалда, гьоркьохъеб хIалалда

СРЕДНЕВЕКО́ВЫЙ, -ая, -ое гьоркьохъел веказул, гьоркьохъел веказулаб

СРЕДНЕВЕКО́ВЬЕ *с* гьоркьохъел веказул заман (*Европа-ялъул тарихалда 5 абилелдаса 15 абилеб векалде щвезегIан гьоркьоб заман*)

СРЕ́ДН//ИЙ, -яя, -ее гьоркьохъеб; **~ий па́лец** (гьоркьохъеб) бакъулъ килищ; **~ий сын** гьоркьохъев вас; **челове́к ~его ро́ста** гьоркьохъеб лага-черхалъул чи; **~ие века́** гьоркьохъел векал; **~ее образова́ние** гьоркьохъеб лъай; **~яя шко́ла** гьоркьохъеб школа; **~ий род** гьоркьохъеб жинс

СРЕДОТО́ЧИЕ *с (место)* бутIуцI, аслияб центр, *щибниги* бакIарараб бакI; жинда сверухъ *щалниги* ракIарарав чи

СРЕ́ДСТВ//О *с (прием, способ действия)* къагIида, гIамал, чара, тадбир, куц; **сде́лать любы́ ми ~ами** бокьараб къагIидаялъ (*куцалъ*) гьабизе 2) (*лечебное*) сабаб, дару; **~о от ка́шля** хIалцадул дару 3) *мн.* **~а** алатал; **~а произво́дства** производствоялъул алатал; **тра́нспортные ~а** къайи-къоно баччизе машинаби 4) *мн.* **~а** 1) (*деньги*) гIарац; **вы́ делить ~а** гIарац биччазе 2) рес, бечелъи, буголъи; **нет ~** рес гьечIо, гIарац гьечIо

СРЕДЬ *предлог см.* **среди́** ◊ **~ бе́ла дня** гIадада къад

СРЕ́ЖУ, сре́жешь *и т.д. буд. от* **сре́зать**

СРЕЗ *м (место)* къотIараб бакI*;* къотIи́

СРЕ́ЗАТЬ *сов.* 1) *что* къотIизе, батIа гьабизе; **~ сухи́е ве́тки** ракъварал гIаркьалаби къотIизе 2) *что (сократить, уменьшить*) дагь гьабизе, тIаса бахъизе; **~ ассигнова́ния** биччараб гIарац тIаса бахъизе, дагь гьабизе 3) *разг.* данде къотIизе; квешаб жаваб кьезе 4) *кого разг.* квалквал гьабизе; **~ на экза́мене** экзаменалда квалквал гьабизе, экзамен кьезе кIолареб хIал гьабизе

СРЕЗА́ТЬ *несов.см.* **сре́зать**

СРЕ́ЗАТЬСЯ *сов. разг. (на экзамене)* экзаменалда мекъи ккезе, битI ккунгутIизе, экзамен кьезе кIвечIого хутIизе

СРИСОВА́ТЬ *сов. кого-что сундулниги-лъилниги* сурат бахъизе; сураталъул копия бахъизе; цеве чIезавун, сурат бахъизе

СРИСО́ВКА *ж разг.* копия бахъи

СРИСО́ВЫВАТЬ *несов. см.* **срисова́ть**

СРОБЕ́ТЬ *сов. разг.* рекIелъе хIинкъи ккезе, хIинкъизе

СРОВНЯ́ ТЬ *сов. что* битIизабизе, цокIал гьабизе; цого борхалъиялъул, цого халалъиялъул гьабизе ◊ **~ с землёй** *перен.* кьучI-да гъун биххизабизе

СРОВНЯ́ //ТЬСЯ *сов.* 1) *с кем-чем* битIизе, бащалъизе, цокIалго лъугьине; битIа-бишизе 2) *безл. разг.* тIубазе, бащалъизе; **ему́ ~лось 50 лет** гьосул (гъос) 50 сон тIубана (бана)

СРОДНИ́ *нареч. разг.* гIагарлъиялда, гIагарлъиялъулал гьоркьорлъабазда (*рукIине*)

СРОДНИ́ТЬ *сов. кого-что* гIагарлъизаризе, гIагарал чагIилъун лъугьинаризе, гьудуллъи ккезабизе; *сунденuги* ругьунлъизавизе, ругьунлъизе тIамизе

СРОДНИ́ТЬСЯ *сов. с кем-чем* гIагарлъизе, гьудул-гьалмагъ-лъун лъугьине; хIал рекъезе; ругьунлъизе

СРО́ДНЫЙ, -ая, -ое цоцазде гIагараб, хасиятал релъгьараб; тIабигIат релъгьараб

СРОДСТВО́ *с* релъгьен, релъгьенлъи; хасиятал цолъи, тайпа цолъи; хасиятазулъ цоцада релъгьин

СРО́ДУ *нареч.* киданиги, цониги нухалъ, вижаралдаса нахъе

СРОК *м (промежуток времени)* болжал, цIараб мех; **к ~у** цIараб механде; **в ~** жиндир гIужда, заманалда; **~ом до трёх дней** лъабго кьоялъул болжалалде щвезегIан, лъабго кьоялъ; **даю́ вам два дня ~у** кIиго къо кьолеб буго дуе; **да́йте ~** *разг.* цодагьалъ чIа, биччан те заман ине; **на ~** *кигIаналuго* заманалъ, дагьаб заманалъ, кидагоялъе гуро

СРО́ЧНО 1. *нареч.* гIедегIун, хехго, нахъбахъичIого, хIалакун, хъата-масан; **~ вы́ полнить прика́з** буюрухъ нахъбахъичIого тIубазабизе **2**. *в знач. сказ. безл.* хехго, нахъбахъичIого гьабизе ккола; **э́ то о́чень ~** гьеб хехго, нахъбахъичIого гьабизе ккола

СРО́ЧНОСТЬ *ж* хIалакараб, гIедегIараб букIин; хехго, нахъбахъичIого тIубазе ккей

СРО́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое 1) гIедегIараб, хехаб, хIалакараб, нахъбахъулареб, нахъ тIамун тезе бегьулареб; **~ая рабо́та** хIалакараб хIалтIи; **~ая телегра́мма** хехаб телеграмма; **приня́ть ~ые ме́ры** хехал тадбирал гьаризе 2) (*на определенный срок*) заман цIан кьолеб; **~ая ссу́да** заман цIан кьолеб къарз

СРУБ *м* **1.** (*по гл.* **сруби́ть**) къо́тIи (*гъветI-рохь*) **2**. гъветI (*гъотIол*) къотIараб бакI, къотIи́ **3**. (чIалаби цоцалъе риччан, ункъбокIоналъул формаялда гьарурал рукъзал) чIалабазул гьарурал рукъзал

СРУБА́ТЬ *несов. см.* **сруби́ ть**

СРУБИ́ ТЬ *сов. что* 1) къотIун рехизе, гъурун базе (*рохь*); **~ де́рево** гъветI къотIизе 2) (*выстроить из бревен*); **~ дом** чIалабазул рукъзал разе

СРЫВ *м* **1.** (*по гл.* **сорва́ть**) биххизаби, биххи, *щибниги* иш гьабиялъе квекIен, квекIен гьаби; **~ пла́на** план биххи **2**. (*неудача в чем-л.*) квалквал ккей; *щибниги* жагъаллъи ккун хIалтIуе квекIен ккей

СРЫВА́ТЬ[1] *несов. см.* **сорва́ть**

СРЫВА́ТЬ[2] *несов. см.* **сры́ть**

СРЫВА́ТЬСЯ *несов. см.* **сорва́ться**

СРЫ́ ГИВАТЬ *несов. см.* **срыгну́ть**

СРЫГНУ́//ТЬ *сов. что* лагIизе; **ребёнок ~л молоко́** лъимералъ рахь лагIана

СРЫТЬ *сов. что* бухъун нахъе гьабизе; бухъа-хъвазе, бухъун гьобогьун базе

СРЯ́ ДУ *нареч. разг.* тIатIала, тIатIалаго, хадуб-цебе; **три дня ~** лъабго къоялъ тIатIалаго

ССА́ДИНА *ж* тIаса хъал гаржинабураб ругъун; тIаса хъал ччукIараб бакI

ССАДИ́ ТЬ[1] *сов. кого-что* 1) (*помочь сойти с чего-л.*) гьоркье лъугьине, рещтIине кумек гьабизе; **~ с коня́** чодаса рещтIине кумек гьабизе 2) (*высадить, заставить выйти)* рещтIинавизе, къватIиве вахъинавизе, къватIиве гьезе; **~ с по́езда** поездалдаса къватIиве вахъинавизе, рещтIинавизе

ССАДИ́ТЬ[2] *сов. что* хъаштIизабизе, ччукIизабизе, тIом гаржизабизе; **~ но́гу** хIетIе ччукизабизе

ССА́ЖИВАТЬ[1,2] *несов. см.* **ссади́ ть**[1,2]

ССО́Р//А *ж* 1) цоцалъ къаланди, дагIба-рагIи; **ме́жду ни́ми произошла́ ~а** дозда гьоркьоб дагIба-рагIи ккана 2) цоцада рогьоб бай, цоцаде хьандей, рогьрагъин; кьал; **они́ в ~е** дол кьалда руго, барщун руго

ССО́РИТЬ *несов. кого с кем* дагIбадизе тIамизе, къацандизаризе; барщизаризе

ССО́РИТЬСЯ *несов. с кем и без доп.* 1) къацандизе, дагIбадизе, кьел кквезе 2) рогьрагъине; хьандезе; барщезе

ССО́ХНУТЬСЯ *сов. (высохнув, покоробиться)* бакъва-гадазе, гвагIизе, бакъваялъ данде ине

ССУ́ДА *ж* къарз (*гIарцудалъун я малалдалъун*); **долгосро́чная ~** халатаб болжалалъе кьолеб къарз; къарзалъе кьураб гIарац, мал-мулк; **де́нежная ~** гIарцул къарз (*къарзалъе кьураб гIарац*)

ССУДИ́ ТЬ *сов.кого чем, кому что* къарзалъе кьезе

ССУЖА́ТЬ *несов. см.* **ссуди́ ть**

ССЫЛА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **сосла́ть(ся)**

ССЫ́ЛК//А[1] *ж* **1.** (*по гл.* **сосла́ть**) цо бакIалдаса цоги ба-кIалде хIалица ритIи; **~а в Сиби́рь** Сибиралде ритIи, сибир къотIи, сибиралъ ритIи **2**. (*место*) хIалица ритIараб бакI; **жить в ~е** хIалица ритIараб бакIалда гIумру гьабизе

ССЫ́ЛКА[2] *ж* (*по гл.* **сосла́ться**) *лъидениги* гIунтIизаби, *лъилнигни* рагIуде, цитаталде мугъчIвай гьаби; ссылка (*нугIлъиялъе бачараб текст*); **~ внизу́ те́кста** тексталъул ахада бугеб ссылка

ССЫ́ЛОЧНЫЙ, -ая, -ое жиндилъ ссылка бугеб; ссылкая-лъул

ССЫ́ ЛЬНЫЙ, -ая, -ое *и в знач. сущ. м* сибиралъ витIарав чи, сибир къотIарав чи

ССЫПАТЬ *сов.что* баччун чIехьезе, баччун базе (*тIорщел, хIур, цIан ва ц.*); **~ зерно́ в элева́тор** тIорщел элеваторалде базе

ССЫПА́ТЬ *несов. см.* **ссы́ пать**

ССЫ́ ПКА *ж* (*по гл.* **ссы́ пать** (*баччун*) чIехьей, бай (*жанибе*); **~ зерна́** тIорщел (*баччун*) жанибе чIехьей; *щибниги* балеб, чIе-хьолеб бакI

ССЫПНО́Й, -а́я, -о́е тIорщел къабул гьабулеб, тIорщел баялда хурхараб; **~ пункт** тIорщел балеб пункт, тIорщел къабул гьабулеб пункт

ССЫХА́ТЬСЯ *несов. см.* **ссо́хнуться**

СТАБИЛИЗА́ТОР *м* стабилизатор (I *самолеталъул рачIалзул* хасаб багъарулеб цо бутIа; 2 *гамил хьвагIей дагьлъизабизе бугеб аппарат;* 3. *электротокалъул чвахи низамалда чIезабулеб алат)*

СТАБИЛИЗА́ЦИЯ *ж* **1.** (*по гл.* **стабилизова́ть**) чIара-хьараблъун лъугьинаби, цо хIалалда чIезаби; **~ цен** багъаби чIара-хьараллъун лъугьинари **2**. (*по гл.* **стабилизова́ться**) чIара-хьараблъун лъугьин, цо чIараб хIалалда хутIи

СТАБИЛИЗИ́РОВАТЬ(СЯ) *сов. и несов. см.* **стабилизова́ть(ся)**

СТАБИЛИЗОВА́ТЬ *сов. и несов. что* чIара-хьараблъун гьабизе, щула гьабизе, мухIкан гьабизе, цо хIалалда чIезабизе

СТАБИЛИЗОВА́//ТЬСЯ *сов. и несов.* чIараб-хьараблъун хутIизе, цо чIараб хIалалда хутIизе, щулалъизе, мухIканлъизе; **це́ны ~лись** багъаби цо хIалалда хутIун (чIун) руго

СТАБИ́ ЛЬНОСТЬ *ж* цо хIалалда чIей, хисунгутIи

СТАБИ́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое цо хIалалда чIараб, щулияб; чIара-хьараб, хисарулареб; **~ые це́ны** цо хIалалда чIарал, хисуларел багъаби

СТА́ВИТЬ *несов.* 1) *кого-что* лъезе, эхетизабизе; **~ цветы́ в ва́зу** тIугьдул вазаялъур лъезе; **~ в ряд** мухъ гьабун лъезе; **~ на́ ноги** вахъун чIезавизе 2) *что (с лечебной целью)*: **~ ба́нки** банкаби чIезе 3) *что* лъезе; **~ но́вую пье́су** цIияб пьеса лъезе 4) *что (в азартных играх)* гьоркьоб лъезе; 5) *что (выдвинуть)* цебе лъезе; **~ вопро́с** суал цебе лъезе; **~ резолю́ цию на голосова́ние** резолюция гьаркьие лъезе 6) *что (производить, осуществлять)* лъезе, гьабизе; **~ о́пыты** хIалбихьиял гьабизе 7) *что (устанавливать, сооружать)* лъезе, чIезе; **~ па́мятник** памятник лъезе, эхетизе; **~ телефо́н** телефон лъезе 8) *что (писать)* лъезе; **~ запяту́ю** запятая лъезе; **~ но́мер** номер лъезе ◊ **~ в изве́стность** лъазабизе; **~ в вину́** гIайиб чIезабизе,гIайиб чIвазе; **~ те́сто** речче лъезе; **~ реко́рд** рекорд чIезабизе; **~ диа́гноз** унти чIезабизе; **~ на одну́ до́ску** цогожолъун рикIкIине; **~ в приме́р** мисалалъе лъезе, мисалалъе бачине

СТА́ВКА[1] *ж* 1) (*размер зарплаты и т.п.*) харжил роцен, къадар 2) *перен. на кого-что* мугъчIвай, хьул

СТА́ВКА[2] *ж (штаб)* ставка, штаб

СТА́ВКА[3] *ж:* **о́чная ~** цоцазул гьумер бихьулеб бакIалде рачин (данде рачин)

СТА́ВЛЕННИК *м лъицаниги* тIамурав чи; *лъицаниги* кумек гьабун, цо ишалда тун вугев, цо ишалде вахарав чи

СТА́ВЛЕННИЦА *ж лъицаниги* тIамурай гIадан; *лъицаниги* кумек гьабун цо ишалда тун йигей, цо ишалде яхарай гIадан

СТА́В//НИ *мн.* (*ед.* **~ень** *м,* **~ня** *ж*) гордазул нуцIби, цIулал гордал *(жанисан лъолел)*

СТАДИО́Н *м* стадион

СТА́ДИЯ *ж* даража (*цо щибниги цIубаялъул, цебетIеялъул даража*), заман, манзил; **после́дняя ~ боле́зни** унтиялъул тIарамагъадисеб даража

СТА́ДО *с* рехьед; рехъен; тIел; **~ коро́в** гIачирехьед; **~ ове́ц** чахъабазул рехъен

СТАЖ *м* стаж (*цо кинаб бугониги хъулухъалда инабураб заман*); **трудово́й ~** хIалтIул стаж; **парти́йный ~** партиялъул мухъилъ бараб заман, партиялъулаб стаж

СТАЖЁР *м* стажер (*стажировкаялда вугев чи*)

СТАЖЁРКА *ж* стажерка

СТАЖИРОВА́ТЬ, СТАЖИРОВА́ТЬСЯ *несов.* стажировкаялда вукIине

СТАЖИРОВКА *ж* стажировка, (*хъулухъалде восилалде, штаталда лъелалде*) хIалбихьиялъе хIалтIулеб заман

СТА́ИВАТЬ *несов. см.* **ста́ять**

СТА́ЙЕР *м спорт.* стайер (*халатаб манзилалъ векерулев, лъедолев спортсмен)*

СТАКА́Н *м* стакан; **~ чая** чайдул стакан

СТАЛАГМИ́Т *м мин.* сталагмит (*нохъода жаниб мокърукьан гIеккараб лъададасан чIабаралда лъугьараб гачил ва цогидал минералазул гъат*)

СТАЛАКТИ́Т *м мин.* сталактит (*гъорлъ гач бугеб бецIцIулеб лъададасан нохъодул мокърукь лъугьунел цIункIулукIал*)

СТАЛАКТИ́ТОВ//ЫЙ, -ая, -ое сталактиталъул; **~ая пеще́ра** сталактитал ругеб нохъо

СТАЛЕБЕТО́Н *м* чаранбетон (*чабхил бакIалда гъорлъе чармил ххара, гIисинал кескал гьарураб бетон*)

СТАЛЕБЕТО́ННЫЙ, -ая, -ое чаранбетоналъул

СТАЛЕВА́Р *м* чаран биунев чи

СТАЛЕВАРЕ́НИЕ *с* чаран биин

СТАЛЕЛИТЕ́ЙНЫЙ, -ая, -ое чаран биун тIолеб; чаран гьабулеб; **~ заво́д** чаран биун тIолеб, чаран гьабулеб завод

СТАЛЕЛИТЕ́ЙЩИК *м* чаран гьабулеб заводалъул хIалтIухъан, чаран тIолев чи

СТАЛЕПЛАВИ́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое чаран биунеб; **~ цех** чаран биунеб цех

СТАЛЕПРОКА́ТНЫЙ, -ая, -ое чармил прокат гьабулеб (*биараб, багIаризабураб чаран чIинтIизабулеб, гьелъие форма кьолеб*)

СТА́ЛКИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **столкну́ть(ся)**

СТА́ЛО-БЫТЬ *вводн. сл.* гьелъул магIна ккола, гьедин батани, гьединлъидал

СТАЛЬ *ж* чаран

СТАЛЬНО́Й, -а́я, -о́е 1) чармил, чарамул; **~ нож** чармил нус 2) *перен.* къвакIараб, чаран гIадаб, чармилаб

СТАМЕ́СКА *ж* лъини

СТАН[1] *м* лага, черх, къаркъала

СТАН[2] *м* заманалъ чIараб, рещтIен гьабураб бакI; лагерь; чадир чIван чIараб бакI; къайи, орду; **вра́жий ~** тушман чIараб бакI, тушманаб рахъ

СТАН[3] *м тех. кинаб бугониги* хIалтIуе квегIенлъиялъе гьабураб цIулал алат, санагIалъи (*мас.: рессариялъе – гIурдул*)

СТАНДА́РТ *м* стандарт (*сундулниги роцадуе, формаялъе, качествоялъе бугеб образец, мисалалъе цебе лъолеб шаблон, трафарет, куц)*

СТАНДАРТИЗА́ЦИЯ *ж* стандартлъизаби, хIалтIун рахъулел жал цо къагIидаялъул формабазде руссинари

СТАНДАРТИЗИ́РОВАТЬ *сов. и несов. что* стандартлъизабизе, цо къагIидаялде, цого роцаде руссинаризе

СТАНДА́РТНОСТЬ *ж* стандартлъи, цо къагIидаялъул, цо роцадул рукIин

СТАНДА́РТН//ЫЙ, -ая, -ое цого роцадул, цого тайпаялъул, цого формаялъул; **~ые дома́** цого тайпаялъул рукъзал

СТАНИ́ЦА *ж* станица (*казаказул кIудияб росу* (*Доналда, Кубаналда*)

СТАНИ́ЧНЫЙ, -ая, -ое станицаялъул; **~ жи́тель** станицаялда гIумру гьабулев чи

СТАНКО́ВЫЙ, -ая, -ое станокалъул(аб), станокалда тIад щула гьабураб, лъураб (*пулемет, гIарада*)

СТАНКОСТРОЕ́НИЕ *с* станокал гьари

СТАНКОСТРОИ́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое станокал гьариялъул, станокал гьарулеб; **~ заво́д** станокал гьарулеб завод

СТАНОВИ́ТЬСЯ[1] *несов. см.* **стать**[1] 1,2

СТАНОВИ́ТЬСЯ[2] *несов. см.* **стать**[2] 3

СТАНОВЛЕ́НИЕ *с* лъугьин; цебе тIолаго, цо формаялде, кучалде, даражаялде щвей; **~ характе́ра** гIамал-хIасият цо даражаялде бахин (*цебетIей*)

СТАНО́К *м* станок (*махх, цIул къачIалеб машина*)

СТАНО́ЧНИК *м* станокалда хIалтIулев чи

СТАНО́ЧНИЦА *ж* станокалда хIалтIулей гIадан

СТАНО́ЧНЫЙ, -ая, -ое станокалъул

СТАНЦЕВА́ТЬ *сов. что и без доп.* кьурди гьабизе, балеталда кьурдизе

СТАНЦИО́ННЫЙ, -ая, -ое станциялъулаб, станциялъул

СТА́НЦИЯ *ж в разн. знач.* станция; **~ метро́** метроялъул станция; **телефо́нная ~** телефоназул станция; **поля́рная ~** полярияб станция; **электри́ческая ~** электрикалъул станция

СТА́ПТЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **стопта́ть(ся)**

СТАРА́НИ//Е *с* жигар бахъи, къасд гьаби, хIаракат гьаби; **приложи́ть все ~я** кинабго хIаракат *сунденигги* буссинабизе

СТАРА́ТЕЛЬНОСТЬ *ж* жигар, хIаракат бахъи

СТАРА́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое къасд, жигар бугев, хIаракат бахъулев; цIакъ тIалаб бугев; **~ учени́к** жигар бахъулев цIалдохъан

СТАРА́ТЬСЯ *несов.* жигар бахъизе, хIаракат гьабизе; **~ изо всех сил** бугеб рухIалъ хIаракат гьабизе, жигар бахъизе

СТАРЕЙШИНА *м ист.* кьолбол кIудияв, кьолбол бетIер

СТАРЕ́НИЕ *с* хе́рлъи; басралъи

СТАРЕ́//ТЬ *несов.* херлъизе; басралъизе; **мо́ды ~ют** модаби басралъула

СТА́РЕЦ *м (старик)* херав, кIудада

СТАРИ́К *м* херав чи (*кIудияб ригьалде вахарав чи*)

СТАРИКО́ВСК//ИЙ, -ая, -ое херасул, херав чиясулаб; **~ая похо́дка** хераб рилъгьин, херасул рилъгьин

СТАРИН//А́ *ж* 1) некIо заман 2) некIо заманалъул хутIел 3) ~ *м разг. (обращение)* херав чи ◊ **в ~ý** некIо заманалда; **тряхну́ть ~о́й** гIолохъанаб мехалъ гIадин (*цебе гIадин*) гьабизе

СТАРИ́НК//А *ж*: **по ~е** некIсияб къагIидаялъ, некIсияб кучалда

СТАРИ́ННЫЙ, -ая, -ое некIсияб, цебесеб; басрияб; **~ая кни́га** некIсияб тIехь

СТА́РИТЬ *несов. кого* херлъизавизе, херасда релъгьун лъугьинавизе, херлъун вихьизавизе; **борода́ тебя́ ста́рит** магжица мун хер гьавулев (*херлъун вихьизавулев*) вуго

СТА́РИТЬСЯ *несов.* херлъизе (*о ком-л.*), басралъизе (*о чём-л.)*

СТАРОЖИ́Л *м* цебегоялдаса нахъе цо бакIалда гIумру гьабулев чи; *в знач. сущ.* **~ы** *мн.* кьолболъанго цо бакIалда гIумру гьабун чIарал чагIи

СТАРОМО́ДН//ЫЙ, -ая, -ое некIсияб модаялъул, некIсияб формадул; **~ый костю́м** некIсияб модаялъул костюм

СТАРООБРА́ЗНЫЙ, -ая, -ое херав чиясул гIадаб, херасда релъгьарав; **~ вид** херав чиясул гIадаб куц-мухъ

СТАРООБРЯ́ДЕЦ *м* диналъул церегосел рикьалабазул (*сектабазул*) цоялъул рахъ кколев чи

СТАРООБРЯ́ДЧЕСТВО *с* 17 векалда Россиялда букIараб церковалъул реформаялда данде чIараб диниябгун жамгIияб багъа-бачари

СТАРОРЕЖИ́МНЫЙ, -ая, -ое некIсияб, цебесеб режима-лъулаб, некIсияб режималда бухьараб

СТАРОСЛАВЯ́НСКИЙ, -ая, -ое некIсиял славяназул(аб); **~ язы́к** некIсиял славяназул мацI

СТА́РОСТА *м* вищарав яги тIамурав бегавул; **се́льский ~** росдал бегавул; (*цIалдохъабаз гIадлу-низамалъе вищарав*) староста

СТА́РОСТ//Ь *ж* херлъи́ ◊ **на ~и лет** херлъараб мехалъ, херлъараб къоялъ, харадуниб

СТАРТ *м* старт (1 *къец байбихьулеб заман* (*лахIзат*); 2 *чIалде рахъараб мехалъ* (*рекеризе, хъещтIезе) чIолеб бакI;* 3 *самолет гьаваялде бахъунеб (боржине байбихьулеб) бакI)*

СТА́РТЕР *м* стартер (1 *старталъе сигнал кьолев чи*; 2 *самолеталъул, автомобилалъул мотор хIалтIизе биччалеб алат)*

СТАРТЁР *м разг. см.* **ста́ртер**

СТАРТОВА́ТЬ *сов. и несов.* спортивиял къецал *(рекери, лъедей, хъещтIей)* байбихьизе; роржен байбихьизе

СТА́РТОВ//ЫЙ, -ая, -ое старталъул(аб); **~ый сигна́л** къецал байбихьизе (*старталъе*) кьолеб сигнал; **~ая ли́ния** чIалде рахъарал чIолеб хIучч; **~ая площа́дка** самолетал, ракетал роржине риччазе (*старталъе*) бугеб байдан

СТАРУ́ХА *ж* кIодо, херай, херай чIужу, херай гIадан

СТАРУ́ШЕЧИЙ, -ья, -ье хералъул; хералъе хасиятаб

СТА́РЧЕСКИЙ, -ая, -ое херал чагIазе (*херазе*) хасиятаб, херасул гIадинаб

СТА́РШЕ *сравн. ст. к* **ста́рый** 1) (*по возрасту*): **он ~ меня́** дов дидаса кIудияв (*цIикIкIарав*) вуго 2) (*по званию и т.п.*): **я ~ вас в чи́не** чиналъ (*хъулухъалъ)* дун дудаса тIадегIанав вуго 3) (*об учащемся*): **я ~ кла́ссом** (*курсом*) цо классалъ (*курсалъ*) дун цеве вуго

СТАРШЕКЛА́ССНИК *м* тIасиял (*тIадегIанал*) классазул цIалдохъан

СТАРШЕКЛА́ССНИЦА *ж* тIасиял классазул цIалдохъан

СТАРШЕКУ́РСНИК *м* тIадегIанал курсазда цIалулев *студент*

СТАРШЕКУ́РСНИЦА *ж* тIадегIанал курсазда цIалулей *студентка*

СТА́РШ//ИЙ, -ая, -ее **1.** (*по возрасту*) гIумруялъ кIудияв; **~ий брат** кIудияв вац **2**. (*по званию*) чин кIудияв, чин цIикIкIарав; хIалтIи кIудияв; **~ агроно́м** кIудияв агроном **3**. (*об учащемся*) тIадегIанаб курсалъул (*классалъул*), чIахIиял классазул; **студе́нты ~их ку́рсов** тIадегIанал курсазул студентал **4**. *в знач. сущ.* **~ий** бетIерлъи гьабулев, кIудияв, начальник

СТАРШИНА́ *м* 1) *воен.* старшина (*армиялда гьитIинал начальниказул бищун тIадегIанаб чин; гьеб бугев чи*); 2) бетIерлъун тарав чи, бетIер *(кинаб бугониги гIуцIиялъе)*

СТАРШИНСТВО́ *с* санад (*сонал цIикIкIун раялъ*) яги цIаралъ (*хъулухъалъ)* цогидазда цебе тIокIлъи букIин

СТА́Р//ЫЙ, -ая, -ое 1) санад цIикIкIараб, хераб, херлъараб, ригь араб; **~ ый челове́к** херав чи 2) (*давний*) некIсияб, цебесеб; **~ый долг** цебегосеб налъи; **~ый знако́мый** цевего(сев) лъалев (лъай-хъвай бугев*)* чи; **~ые разгово́ры** цебегосеб (цебего букIараб) хабар, гара-чIвари 3) басрияб, басралъараб; **~ый дом** басрияб мина, ригь; **~ое пальто́** басрияб пальто 4) (*предшествующий*): **~ый а́дрес** цебе букIараб адрес, басрияб адрес 5) *в знач. сущ.* **~ое** *с* араб; **~ое оста́вь, за но́вое хвата́йся** араб те, цIияб ккве

СТАРЬЁ *с собир. разг. (старые вещи*) басри-магIияб жо; жиндир заман араб, гьанже хIажалъулареб, басралъараб жо; *пренебр.* херал чагIи, хараби

СТАРЬЁВЩИК *м* басри-магIияб жо бакIарулев чи; басрияб къайи бичулев чи

СТА́СКИВАТЬ *несов. см.* **стащи́ ть** 1, 3

СТАСОВА́ТЬ *сов. что (карты)* хIалел кагътал журазаризе

СТА́ТИКА *ж 1)* статика *(батIи-батIиял къуватазул асаразда гьоркь предмет цо хIалалда чIеялъул шартIазул бищунеб теоретикияб механикаялъул бутIа)* 2) цебетIей гьечIолъи, хисунгутIи 3) парахатаб хIал

СТАТИ́СТИКА *ж* статистика (1 *обществоялда ва магIишаталда кколел къадаралъулал ва гь. ц. хисабазул бищунеб гIелму; 2 къадаралъулал цIех-рехал гьарулев гIелмияб къагIида)*

СТАТИСТИ́ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое статистикияб, статистикаялъул(ал); **~ие да́нные** статистикиял баянал

СТА́ТНОСТЬ *ж* чорхолъ рекъей, чергеслъи, чIурканлъи; гьайбатлъи; лага-щват букIин

СТА́ТНЫЙ, -ая, -ое чорхолъ рекъараб, чергесаб, чIурканаб; гьайбатаб; лага-щват бугеб;

СТА́ТУС *м* статус (*халкъазда гьоркьосеб ихтияралда (законалда) бугеб хIал*)

СТА́ТУС-КВО́ *с нескл.* статус-кво (*цо заманалда бугеб ялъуни букIараб хIал*)

СТАТУ́Т *м* статут (*щибниги тIубазабизе хIалтIизарулел законал, низамал*)

СТАТУ́ЭТКА *ж* статуэтка, гьитIинаб статуя (*скульптураялъул фигура)*

СТА́ТУЯ *ж* статуя (*хIамIул, хIедул, маххул, пахъул ва ц. гьабураб гIадамасул яги хIайванальул тIолго къаркъалаялъул сурат*)

СТА//ТЬ[1] *сов.* 1) (*встать*) вахъун чIезе; **ни ~ть, ни сесть не уме́ет** гIадамазда гьоркьов вукIа-вахъине лъаларо 2) *(ступить на что-л.) сунданиги* тIад вахъун чIезе; **~ть на до́ску** хъорщода тIад вахъун чIезе 3) (*остановиться*) чIезе; эхетун чIезе; **маши́на ~ла** машина чIана; **~ть у воро́т** кавудул кIалтIа эхетун чIезе 4) бахъун чIезе, хучизе; **во́лосы ~ли ды́ бом** рас бахъун чIана (*хучун чIана*)

СТА//ТЬ[2] *сов. с кем-чем разг. (случиться)* лъугьине, ккезе; **что с ним ~ло?** щиб гьосие лъугьараб? 2) *безл. кого-чего с отриц. (перестать быть):* **отца́ не ~ло** эмен хвана; **не ~ло сил** къуват хутIичIо, хIал лъугIун букIана 3) *кем-чем и безл.* лъугьине, ккезе; **он ~л писа́телем** дов хъвадарухъанлъун лъугьана (*досул хъвадарухъан ваxъана*); **~ть пе́рвым** тIоцевесевлъун ккезе 4) *с неопр. (начать)* байбихьизе, лъугьине; **он ~л чита́ть** дос цIализе байбихьана; **я ~л рабо́тать** дун хIалтIизе лъугьана (*дица хIалтIизе байбихьана*) 5) *с неопр. в буд. употр. чаще в знач.* «быть»: **не ~ну чита́ть** цIализе гьечIо ◊ **во что́ бы то ни ~ло** щиб лъугьаниги, щиб кканиги

СТА//ТЬ[3] *ж (телосложение*) къаркъала, чорхол рекъей, лага ◊ **с како́й ~ти?** щиб гIиллаялъе гIоло, щай?

СТА́//ТЬСЯ *сов. разг.* лъугьине, ккезе, букIине; **что с ним ~лось?** щиб гьосие лъугьараб? ◊ **мо́жет ~ться** букIине (*ккезе*) бегьула

СТАТЬЯ́ *ж в разн. знач.* 1) гIелмияб яги публицистияб макъала; **газе́тная** ~ газеталда бугеб макъала 2) юридикияб документалда бугеб жибго жиндаго чIараб бутIа, параграф; **~ зако́на** законалъул статья 3) финансазул документалъул цо бутIа 4) (*флоталда*) старшинаясул разряд, чиналъул даража

СТАЦИОНА́Р *м* стационар (*цо хасаб гIуцIиги чIараб бакIги бугеб идара*)

СТАЦИОНА́РН//ЫЙ, -ая, -ое 1) кьуруларе6, хисулареб; даимаб; багъаруларе6 2) (*не передвижной*) цо бакIалда чIараб; **~ая библиоте́ка** цо ккураб бакIалда бугеб библиотека 3) (*находящийся в больнице, не амбулаторный*) дару гьабизе больницаялда (*азарханаялда*) вугев; **~ый больно́й** больницаялда сах гьавизе вегарав унтарав

СТАЧА́ТЬ *сов. что см.* **тача́ть**

СТА́ЧЕЧНИК *м* стачкачи, стачкаялда гьоркьоб гIахьаллъи гьабурав чи

СТА́ЧЕЧН//ЫЙ, -ая,-ое стачкаялъул, забастовкаялъул; **~ый комите́т** скачкаялъул комитет; **~ое движе́ние** стачкаялъулаб багъа-бачари

СТА́ЧИВАТЬ[1] *несов. см.* **стача́ть**

СТА́ЧИВАТЬ[2] *несов. см.* **сточи́ ть**

СТА́ЧИВАТЬСЯ *несов. см.* **сточи́ ться**

СТА́ЧКА *ж* стачка (*киналго рекъон хIалтIи рехун тей*), забастовка

СТАЩИ́//ТЬ *сов.* 1) *кого-что (переместить волоком, собрать в одно место)* бехъерхъизе; баччун щвезабизе, цо бакIалде данде гьабизе; **~ть в одну́ ку́чу** цо гъоноде данде гьабизе, баччизе 2) *что разг. (снять одежду, обувь)* бахъизе; **~ть сапоги́ с ног** хIа-тIаздаса чакмаби рахъизе 3) *кого-что (украсть)* бикъизе, хъамизе; **кто ~л мой каранда́ш?** лъица дир къалам бикъараб?

СТА́Я *ж* тIел, къукъа, рехъен, мухъ; **~ волко́в** бацIазул тIел

СТА́Я//ТЬ *сов.* биун лъугIизе; **снег ~л** гIазу биун лъугIана

СТВОЛ *м* 1) рохти, хIуби; **~ де́рева** гъотIол рохти 2) (*огнестрельного оружия*) хIара (*яргъил*) 3) (*часть шахты*) шахтаялъул эхетараб яги хъвалсан унеб бутIа

СТВО́РКА *ж* нуцIа, данде къалеб кIиябго нуцIил цояб; данде чIвалел матIабазул цояб

СТВОРО́ЖИТЬ *сов. что* бетараб рахьалъул нису лъугьинабизе (*бахъизе*), нисуде сверизабизе

СТВОРО́ЖИТЬСЯ *сов.* нисуде сверизе, нису лъугьине

СТВО́РЧАТЫЙ, -ая, -ое нуцIби ругеб, рагьулеб бутIа бугеб

СТЕАРИ́Н *м* стеарин (*хIедучирахъал гьарулеб хъахIаб хIе*)

СТЕ́БЕЛЬ *м* хIуби, гIучI (*харил*); **кукуру́зный** ~ цIоросаролъул хIуби

СТЁГАН//ЫЙ, -ая, -ое квар чIвараб; жаниб квасквасги лъун квар чIвараб; **~ое одея́ло** квар чIвараб (*квар чIван гьабураб*) юргъан

СТЕГА́ТЬ[1] *несов. кого-что* цIалаца, хьопоца къабизе (ва-цIизе)

СТЕГА́ТЬ[2] *несов. что* шушине, квар чIвазе; жаниб квас, квасквас лъун, шушун букъизе (*квар чIвазе*); **~ одея́ ло** юргъан шушине, юргъаналда квар чIвазе

СТЕГНУ́ ТЬ *однокор. к* **стега́ть**[1]

СТЕЖ//О́К *м* рукъи́ (*букъулаго кIиго нухалъ рукIкIен къазабураб бакIалда гьоркьоб манзил*); **шить ме́лкими ~ка́ми** гIисинаб рукъи́ гьабизе, гIисинккун букъизе

СТЕЗЯ́ *ж* нух; гIумрудул нух; цебетIеялъул, ишалъул унеб рахъ

СТЕКА́ТЬ *несов.* 1) *см.* **стечь** 2) (*о реке, ручье*) чвахизе

СТЕКА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **сте́чь(ся)**

СТЕКЛИ́ ТЬ *несов. что* цIер лъезе

СТЕКЛО́ *с* цIер; шиша; **ла́мповое** ~ чирахъул (*чирахъалъул)* цIер; **стёкла для очко́в** цIороберазе цIурдул

СТЕКЛОВА́Р *м* цIер биунев чи, цIер гьабулев хIалтIухъан, цIорохъан

СТЕКЛОВИ́ДНЫЙ, -ая, -ое цIералда релълъараб, цIер кинигияб, цIер гIадаб

СТЕКЛОВОЛОКНО́ *с* цIорол кIкIор

СТЕКЛОДУ´ В *м* цIерги понцIон тIагIел гьабулев чи

СТЕКЛОРЕ́ЖУЩИЙ, -ая, -ое цIер къотIулеб, цIер къотIизе хIалтIизабулеб; **~ инструме́нт** цIер къотIулеб алат

СТЕКЛОРЕ́З *м (инструмент)* цIеркъотI; цIер къотIулеб чарх, алмас

СТЕКЛОРЕ́ЗНЫЙ, -ая, -ое цIер къотIулеб; **~ цех** цIер къотIулеб цех

СТЁКЛЫШКО *с уменьш. от* **стекло́;** сагIтил цIер; цIорол кесек ◊ **как ~** цIакъго бацIцIадаб; рухIияб рахъалъ тIад кIалъазе бакI гьечIев, вацIцIадав

СТЕКЛЯ´ НН//ЫЙ, -ая, -ое цIорол; цIорол гьабураб; цIер лъураб (*горду, нуцIа*); **~ шкаф** цIер лъураб шкаф; **~ая рю´ мка** цIорол кIатIахI

СТЕКЛЯ́РУС *м* цIорол маххал, цIорол маржанал (*къокъал, чIахIиял*), чIахIиял цIикимаххал

СТЕКЛЯ́ШКА *ж* цIорол гьитIинаб кесек; берцинлъиялъе гьабураб цIорол гьитIинаб тIагIел

СТЕКО́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое цIер гьабулеб (*завод*); цIорол; цIер гьабиялда, цIорол тIагIел гьабиялда бухъараб

СТЕКО́ЛЬЩИК *м* цIер лъолев чи

СТЕЛИ´ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **стла́ть(ся)**

СТЕЛЛА́Ж *м* 1) полкаби (*хъарщал*) ругеб рагъараб шкаф 2) бахъун чIезарун, щибниги цIунизе гьабураб санагIалъи

СТЕ́ЛЬКА *ж* истилка, жанитIикъва (*тIеренаб хьвацIил, хамил, картоналъул*) ◊ **в сте́льку пьян** рак гIадин (рак лъугьун) мехтун вуго, тIубанго мехтун вуго

СТЕ́ЛЬНАЯ: ~ коро́ва къинаб гIака

СТЕЛЮ´ , сте́лешь *и т.д. наст. от* **стлать**

СТЕМНЕ́//ТЬ *сов. безл.* бецIлъизе, рукIкIине; **~ло** рукIкIана

СТЕН//А́ *ж* 1) къед; **~а́ до́ма** рукъалъул къед 2) (*ограда*) галан, сангар, буцур; **крепостна́я ~а́** хъаладул галан ◊ **прижа́ть** *кого-л. к* **~е́** ракьанда (къеда) вазависе; **сиде́ть в четырёх ~а́х** къватIивего вахъинчIого вукIине, лъилго гьоркьоблъи гьаби-чIого вукIине; **как об сте́ну горо́х** (*щиб абуниги*) асар гьабуларо, бичIчIуларо; **за ка́менной ~о́й** щибго ургъел гьечIого, рахIаталда (*вукIине, гIумру гьабизе*); щулияб куцалъ цIунун, *лъилниги* квербакъикъиялда вукIун

СТЕНГАЗЕ́ТА *ж (стенная газета)* къадал газета

СТЕНД *м* стенд: 1) заводалда гьарурал машинабазул хIалбихьи гьабизе хас гьабун къачIараб бакI 2) выставкаялъул экспонатал, диаграммал рекъезарун лъураб бакI

СТЕ́НКА *ж* 1) гьитIинаб къед 2) (*перегородка*) гьоркьокъед; **~ сундука** гъансил, санкIил хьибил 3) (*сосуда и т.п.*) гьодораб тIагIелалъул (*хъабил, гибиялъул, гьангаялъул...*) жанисеб рахъ 4) (*мебель*) стенка; ◊ **к сте́нке поста́вить** (*чIвазе*) гIужие гъезе

СТЕНН//О́Й, -а́я,-о́е къадал, къадада балеб; **~о́й календа́рь** къадада балеб календарь; **~ы´ е часы´** къадада балеб сагIат

СТЕНОГРА́ММА *ж* стенограмма (*стенографиялъул къагIидаялда хъвараб жо*)

СТЕНОГРАФИ´ РОВАТЬ *сов. и несов. что* стенографиялъул къагIидаялда хъвазе

СТЕНОГРАФИ́СТ *м* стенографист (*стенографиялъулаб хъвай-хъвагIай лъалев, гьеб къагIидаялъ хъвадарун бажарулев чи*)

СТЕНОГРАФИ́СТКА *ж* стенографистка (*стенографиялъул къагIидаялъ хъвадарун бажарулей гIадан*)

СТЕНОГРАФИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое стенографиялъул; стенографиялъул къагIидаялда хъвараб

СТЕНОГРА́ФИЯ *ж* стенография (*кIалалъ бицараб жо хехго, цо рагIи гьоркьоб биччачIого хъван бажарулеб хасаб хъвай-хъвагIай*)

СТЕНОКАРДИ´ Я *ж* стенокардия (*рекIел унти – цойидасан бачIунеб, хIенсолеб, ракI данде къазабулеб, рекIеда тIаде цулеб*)

СТЕ́НОПИСЬ *ж* къадазда суратал рахъи

СТЕПЕ́ННОСТЬ *ж* 1) къадру, хIурмат-даража буголъи 2) гIакъиллъи, чIара-хьарав вукIин

СТЕПЕ́ННЫЙ, -ая, -ое 1) чIара-хьарав 2) гIакъилав, хIурмат-даража бугев

СТЕ́ПЕН//Ь *ж* 1) (*мера*) даража; **~ про́чности** щулалъия-лъул даража; **до после́дней ~и** тIарамагъадисеб даражаялде щвезегIан 2) (*учёное звание*) **учёная ~ь** гIелмияб даража; **~ь кандида́та нау́к** гIелмабазул кандидатасул даража 3) *мат.* степень; **показа́тель ~и** степень бихьизабулеб гIаламат 4) *грамм.* **~и сравне́ния** дандекквеялъул форма ◊ **ни в како́й ~и** кIигIан дагьабниги; **в вы´ сшей ~и** цIакъ кIудияб даражаялда, цIакъ кутакалда

СТЕПНО́Й, -а́я, -о́е авлахъалъул, авлахъалда букIунеб

СТЕПНЯ´ К *м* 1) авлахъалда яшав гьабулев чи, авлахъалъул инсан 2) авлахъалда гIезабураб чу 3) авлахъалъул хIинчIчI

СТЕПЬ *ж* авлахъ

СТЕРВЕНЕ́ТЬ *несов.* кутакалда щидахун лъугьине; балканахине

СТЕРВЯ́ТНИК *м* чудук *(балканалъул гьан кваналеб жанавараб хIинчI)*

СТЕРЕОКИНО́ *с* стереокино (*стереоскопияб кино*)

СТЕРЕОМЕ́ТРИЯ *ж* стереометрия *(эркенаб бакIалда, пространствоялда фигурабазул бицунеб элементарияб геометриялъул бутIа*)

СТЕРЕОСКО́П *м* стереоскоп *(кIиго батIияб рахъалдасан бахъараб сурат цо гIадин бихьизабулеб оптикияб прибор*)

СТЕРЕОТИ́П *м* стереотип (*басмаханаялда наборалъул, текстalъул сурат, маххул къаниде бахъун хIадур гьабураб форма*)

СТЕРЕОТИ́ПНЫЙ, -ая, -ое 1) *полигр.* стереотипалдасан бахъараб 2) *перен. (шаблонный)* цогожоялъулаб, цогожо такрар гьабулеб

СТЕРЕ́ТЬ *сов. что* 1) *сунданиги* тIаса бацIцIине, нахъе гьабизе; **~ пыль** хIур бацIцIине; **~ пот с лица́** гьурмадаса гIетI бацIцIине 2) лъулъан тIагIинабизе, нахъе инабизе, бацIцIад гьабизе; **~ сло́во** рагIи лъулъан нахъе инабизе; **~ грязь с лица́** гьурмадаса хъублъи нахъе инабизе 3) (*измельчить*) лъулъан гIисин гьабизе, лъулъан хIаризабизе; **~ мел в порошо́к** лъулъан мел хIаризабизе 4) (*натере́ть)* лъулъан унтизабизе, кIвекIизе; **~ но́гу** хIетIе кIвекIизе (*лъулъан хIетIе унтизабизе*) ◊ **~ с лица́ земли´** ракьалдасаго тIагIинаризе, лъугIизаризе

СТЕРЕ́ТЬСЯ *сов.* нахъе ине, тIагIине; кIочон тезе; тIерен-лъизе, чIикIизе; **подо́шва стёрлась** тIикъва чIикIун (*тIеренлъун*) буго

СТЕРЕ́ЧЬ *несов. кого-что* 1) (*охранять*) цIунизе, хъаравуллъи гьабун хьихьизе 2) (*подстерегать*) хъаравуллъи ккун чIезе; **~ медве́дя** ци бачIунищали хъарувуллъи кквезе

СТЕ́РЖЕНЬ *м* 1) *тех.* хIос, гIер, мокъ 2) *перен. (основная часть чего-л.)* аслу, кьибил, бищун кьучIаб жо, кьучI, тIину

СТЕРЖНЕВО́Й, -а́я, -о́е 1) хIос бугеб 2) *перен. (главный, основной*) аслияб, бищун кIвар бугеб; **~ вопро́с** аслияб суал

СТЕРИЛИЗА́ЦИЯ *ж* 1) (*уничтожение микроорганизмов*) стерилизация, микробаздаса хасаб куцалда бацIцIад гьаби (*багIаризабун, гьализабун, цIцIун, химикатаз*) 2) *мед.* ахта гьаби, кьури, свери

СТЕРИЛИЗО́ВАННЫЙ, -ая, -ое 1) (*очищенный*) бацIцIад гьабураб, стерилизация гьабураб; дезинфекция гьабун заралиял микробал тIагIинарураб 2) *мед.* ахта гьабураб, сверараб

СТЕРИЛИЗОВА́ТЬ *сов. и несов.* 1) *что* стерилизация гьабизе, бацIцIад гьабизе; заралиял микробаздаса бацIцIад гьабизе 2) *кого мед.* ахта гьабизе, сверизе

СТЕРИ´ ЛЬНОСТЬ *ж* 1) стерилизация, дезинфекция гьабун заралиял микробал тIагIин 2) *биол. (бесплодность)* лъимер лъугьунгутIи, ахталъи

СТЕРИ´ ЛЬНЫЙ, -ая, -ое 1) (*обезвреженный*) хасаб куцалда бацIцIад гьабураб, дезинфекция гьабун заралиял микробал тIагIинарураб, заралиял жалаздаса бацIцIад гьабураб 2) ахтаяб, тIинчI гьабулареб

СТЕ́РЛИНГ *м* стерлинг (А*нглиялда хIалтIизабулеб гIарцуда цIар*)

СТЕ́РЛЯДЬ *ж* стерлядь (*ччугIа*)

СТЕРНЬ, СТЕРНЯ´ *ж* 1) (*сжатое поле*) лъилъун бахъараб хур 2) (*остатки стеблей на жнивье) хур лъилъун хадуб* гьоркь хутIараб сумал ахалъи

СТЕРПЕ́ТЬ *сов. что* хIехьезе, баччизе; **~ оби´ ду** квеш букIунеб рагIи, кьабихI гьави хIехьезе

СТЁРТ//ЫЙ, -ая, -ое чIикIараб, бацIцIараб, лъулъан чIикIараб, гIемер лъулъан зарар ккараб; **~ая на́дпись** лъулъан хвезабураб хъвай-хъвагIай

СТЕСА́ТЬ *сов.что* лъамизе, гIоштIоца бахъизе (*макъар, хъал)*, буцIун битIизабизе

СТЕСНЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **стесни́ть**) 1) (*ограничение*) гIурхъи чIван чIезаби; цухъу-рухъун къварид гьаби 2) (*затруднённость дыхания*) хIухьел босизе (*цIазе*) захIмалъи 3) (*застенчивость*) нахъекъай, нечей, намуслъи; **без вся́ ких стесне́ний** щибниги нич гьечIого

СТЕСНЁНН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*о движениях*) эркенлъи гьечIеб; данде къазабураб, цоцалъ къараб 2) захIматаб; **в ~ых обстоя́-тельствах** захIматал ахIвал-хIалазда

СТЕСНИ́ ТЕЛЬНОСТЬ *ж* нечей, намуслъи

СТЕСНИ́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое 1) (*застенчивый*) нечарав, намусав; **~ челове́к** намусав, нечарав чи 2) (*неудобный*) къваридаб, санагIалъи гьечIеб, эркенлъи гьечIеб

СТЕСН//И́ ТЬ *сов.* 1) *что (сделать малым, узким*) данде къазабизе, къварид гьабизе 2) *кого (заставить потесниться)* цухъурухъузабизе 3) *кого (ограничить, сдавить)* къварид гьабизе 4) *кого (лишить непринужденности)* гIурхъи чIвазе 5) *что (перехватить дыхание)* хIухьел гIоларого лъугьине 6) эркенлъиялдаса махIрум гьабизе; захIмалъизабизе; лазатбахъи гьабизе; **я не ~ю́ вас?** дица нужее лазатбахъи гьабулеб гьечIиш?

СТЕСНИ́ТЬСЯ *сов.* 1) цоцалъ къан рукIине; аскIорегIан къан рукIине; унтиялъ данде къазе *(ракI, керен)* 2) хIалкъаялда рукIине 3) захIмалъизе

СТЕСНЯ́ ТЬ *несов. см.***стесни́ ть**

СТЕСНЯ́ //ТЬСЯ *несов.* 1) *см.* **стесни́ ться** 2) *кого-чего и без доп. (смущаться)* нечезе, намуслъизе, нахъе къан чIезе; **он вас ~ется** дов дудаса нечола; **он никогда́ не ~ется** дов киданиги нечоларо

СТЁСЫВАТЬ *несов. см.* **стеса́ть**

СТЕТОСКО́П *м мед.* стетоскоп (*рекIел, гъуърузул хIалтIиялъухъ гIенеккулеб алат*)

СТЕЧЕ́НИ//Е *с* цо бакIалда данделъи (*гIадамал ва гь. ц.*), ракIари; **~е обстоя́тельств** батIи-батIиял ахIвал-хIалал цадахъ ккей; **по ~ю обстоя́ тельств** ахIвал-хIалазда рекъон

СТЕЧЬ *сов.* чвахун ине; чвахун тIаса гъоркье ине; чвахун лъугIизе; чвахун бачIун данделъизе

СТЕ́ЧЬСЯ *сов.* 1) (*соединиться*) чвахун данделъизе, рахърахъалдасан чвахун бачIун, цо бакIалда данделъизе 2) *перен. (скопиться)* ракIаризе (*цо бакIалда*), данделъизе (*гIадамал*)

СТИЛИЗА́ЦИЯ *ж* цо хасаб стилалда релъльинаби, цо хасаб стилалда букIин; цо стилалде бачин

СТИЛИЗО́ВАННЫЙ, -ая, -ое цо стилалде бачараб, цо стилалда бугеб

СТИЛИЗОВА́ТЬ *сов. и несов.* стилалъул гIаламатал кьезе, хасаб стилалде ккезабизе

СТИЛИ́СТИКА *ж* стилистика (*каламалъул стилазул хIакъалъулъ бугеб гIелму*)

СТИЛИСТИ́ ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое стилистикияб; **~ая оши́ бка** стилистикияб гьалатI

СТИЛ//Ь[1] *м* 1) (*характерный вид*) стиль, куц, къагIида; **в ру́сском ~е** гIурусазе хасиятаб кагIидаялъ; **архитекту́рные ~и** архитектураялъул стилал (*къагIидаби*) 2) (*слог*) стиль; **публицисти́ческий ~** публицистикаялъул стиль 3) (*метод*) стиль, къа-гIида, куц; **~ в рабо́те** хIалтIул стиль, хIалтIулеб къагIида

СТИЛ//Ь[2] *м* стиль (*соназул хIисаб гьабиялъул къагIида*) (*басрияб стиль, цIияб стиль)*

СТИ́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое 1) стиль бугеб, стилалъул(аб), стиль цIунараб 2) *разг. (утрировано модный)* цIакъго мода цIунарав, модаялда хадув лъугьарав; стилягаясе хасиятаб

СТИЛЯ́ ГА *м,ж разг.* стиляга, киназго ретIунелда, гьабулелда рекъоларев, хасаб куцалъ (*модаялда*) ретIа-къан вукIунев, хьвада-чIвадулев гIолохъанчи

СТИ́МУЛ *м* гIиллалъун, сабаблъун бугеб жо *(цощинаб лъикIаб иш цебетIеяльe санагIатал шартIал лъугьинарулеб, хIалтIуде, ишалде гъира базабулеб сабаб*)

СТИМУЛИ́РОВАТЬ *сов. и несов. кого-что* гIилла-сабаб букIинабизе, гъира базабизе, жигар бижизабизе; гьабулеб иш хехлъизабизе

СТИМУЛЯ́ТОР *м с.-х.* стимулятор (*сундулниги бижи́, цебетIей хехлъизабулеб жо (вещество*)

СТИПЕНДИА́Т *м* стипендиат, стипендия щолев чи *(студент...)*

СТИПЕНДИА́ТКА *ж* стипендиатка, стипендия щолей гIадан (*студентка...*)

СТИПЕ́НДИЯ *ж* стипендия (*тIадегIанал школазда цIалдохъабазе щибаб моцIие кьолеб гIарац*)

СТИРА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое чурулеб, черолеб; **~ый порошо́к** ретIел чурулеб порошок; **~ая маши́ на** черолеб машина

СТИ́ РАН//ЫЙ, -ая,-ое чурараб; **~ая соро́чка** чурараб гурде; **~ые платки́** чурарал кIазал

СТИРА́ТЬ[1] *несов. см.* **стере́ть**

СТИРА́ТЬ[2] *несов. что (белье)* чуризе *(гъоркьан ретIел)*

СТИРА́ТЬСЯ[1] *несов. см.* **стере́ться**

СТИРА́ТЬСЯ[2] *несов.* чурун ине, бацIцIалъизе; **э́та ткань легко́ стира́ется** гьаб ххам бигьаго (*чурун*) бацIцIалъула

СТИ́ РК//А *ж* черей (*ретIел чури*); **отда́ть в ~у** чуризе кьезе

СТИ́ СКИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **сти́ снуть(ся)**

СТИ́ СНУТЬ *сов.* 1) *кого-что* гьоркьоб къазабизе, чIинтIизе 2) *что* кутакалда данде къазе; **~ зу́бы** цаби кутакалда данде къазе

СТИ́СНУТЬСЯ *сов. разг.* гьоркьоб къазе; дугъдан цоцалъ къазе, данде къан ине

СТИХ *м* кочIол цо мухъ; кечI, назму, шигIру

СТИХА́ТЬ *несов. см.* **сти́ хнуть**

СТИХИ́Й//ЫЙ, -ая, -ое 1) гIадамасул хIалкIолъиялдаса бахъараб, тIабигIияб; жибго жиндасанго, инсанасул гучалда нахъбилълъинчIого лъугьунеб, гьукъизе кIолареб; **~ое бе́дствие** тIабигIияб балагъ 2) (*неорганизованный*) низам гьечIеб, нухмалъи (бетIерлъи) гьечIого лъугьунеб

СТИХИ́ //Я *ж* 1) инсанасда бокьухъе бачине кIолареб иш, тIабигIияб гуч, иш; инсанасда нахъчIвазе кIолареб балагъ; тIабигIияб балагъ 2) кверде бачинчIеб къуват, квегъичIеб гуч 3) *перен.* ругьунаб, бокьулеб хIалтIи; интерес гьабулеб жо ◊ **быть в свое́й ~и** ругьунаб, бокьулеб ишалда вукIине

СТИ́ХНУТЬ *сов.* гIодоцине, сасине, гIодобе биччазе; **бу́ря сти́ хла** буран гIодоцана

СТИХОСЛОЖЕ́НИЕ *с* 1) кечI гьаби, кечI рекъезаби, кечI херхин 2) кочIолаб каламалъул гьаркьилаб рахъ гIуцIулеб куц

СТИХОТВОРЕ́НИЕ *с* кечI, гIемер кIудияб гьечIеб шигIрияб асар; **чита́ть ~** кечI цIализе

СТЛАТЬ *несов. что* 1) тIамизе (*тIанса ва ц.*), тIибитIизе; **~ посте́ль** бусен тIамизе 2) (*настилать)* гIодоб кквезе, базе; **~ до́ски** гIодоб хъарщи кквезе

СТЛА́ТЬСЯ *несов.* тIибитIизе, гIодоб бегизе; тирщун бу-кIине; **~ по земле́** ракьалда тIибитIун букIине; **сте́лется тума́н** гIодонакIкI (кибго) тIибитIулеб буго

СТО *числ.* нусго ◊ **на все ~** цIакъ гьава рекъон, цIакъ лъикI

СТОГ *м* гIарахъ (*харил*), гIари (*тIорщалил*)

СТОГОВА́ТЬ *несов. что с.-х.* гIархъал гьаризе; гIарал гьаризе (*гIороде буссинабизе*)

СТО́ИМОСТЬ *м* багьа; **~ това́ра** къайидул багьа; **~ жизни** гIумруялъул багьа

СТО́И//ТЬ *несов.* 1) *что, чего и с нареч. (иметь цену)* багьа букIине; **кни́ га ~т три рубля́** тIехь лъабго гъурщил багьаяб буго (*тIехьалъул багьа лъабго гъурущ буго*) 2) *кого-чего (заслуживать)* ккезе; **э́ то не ~т сожале́ния** гьелда хадуб ракI бухIизецин кколаро, пикру гьабизецин кколаро 3) *безл. с неопр. (иметь смысл)* хIажат букIине, мустахIикъаб букIине; **э́ ту кни́ гу ~т прочита́ть** гьаб тIехь цIализе мустахIикъаб буго 4) ккезе; **и ду́мать не ~т** пикру гьабизецин ккелаго 5) гIезе; **~т то́лько сказа́ть одно́ сло́во** цохIо рагIи абуни, гIола 6) чIезе; **э́ то мне до́рого ~т** дие гьеб хираго чIола ◊ **не ~т** а) (*нет смысла делать)* гьабизе ккеларо, гьеб гьабун ккезе жо гьечIо б) (*не надо благодарить)* баркала кьезегIанасеб жого гьабичIин, баркала кьезе ккелаго ◊ **ему́ ничего́ не ~т прийти́ сюда́** гьаниве вачIин гьесие цIакъ бигьаяб жо (*гьев гьаниве цIакъ бигьаго вачIуна*)

СТОЙ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое (*стойкий*) къвакIараб, яхI бугеб, къо хIехьолеб, бахIарчияб

СТО́ЙБИЩЕ *с* гочунеб халкъалъул заманалъ чIолеб бакI; мегIер-гIалахалда боцIуца хIалхьи гьабулеб бакI

СТОЙКА[1] *ж* 1) чан къан чIей (*чан бихьигун, гьой чIолеб куц*) 2) (*прилавок в столовой, буфете*) стойка, халатаб чIедераб стол (*гьекъолел жал ричулеб бакIалда*)

СТО́ЙКА[2] *ж воен.* загIбитIун эхети; **~ на рука́х** квачIида эхети, квачIида чIей

СТО́ЙК//ИЙ, -ая, -ое 1) щулияб, кьуруларев, чIараб; **~ий за́пах** чIараб, унареб махI 2) *перен.* къвакIарав, къуркьуларев, чучуларев; **~ий хара́ктер** къвакIараб гIамал-хасият; гIемер мехалъ бегьулеб, холареб

СТО́ЙКО *нареч.* щулаго, къвакIун, кьуричIого

СТО́ЙКОСТЬ *ж* 1) щулалъи, кьурунгутIи, чучунгутIи 2) *перен.* къвакIи, къуркьунгутIи, итунгутIи

СТО́ЙЛ//О *с* (*бокьоб жиб-жиб хIайваналъе къотIун гьабураб бакI*) руссун; **коню́шня с десятью́ ~ами** анцIго руссун бугеб чолбокь

СТО́ЙЛОВЫЙ, -ая, -ое русснадул, русснаде къотIараб; **~ пери́од содержа́ния живо́тных** хIайванал русснаде къотIараб заман

СТОЙМЯ́ *нареч.* бахъун чIезабун, эхетун

СТОК *м* **1.** (*по гл.* **стечь**) чвахи, тIаса гIодобе балагъун чвахи; **жёлоб для ~а воды́** лъим чвахизе (лъураб) рогIоро **2**. гомог, чаликаратI, царакъоро

СТОКРА́Т *нареч.* нусцIул

СТОЛ *м* 1) стол; **накры́ ть на ~** столалда квана-гьекъолеб жо лъезе; **убра́ть со ~а́** столалдаса нахъе босизе, бакIаризе 2) (*еда*) квен-тIех; кваналеб бакI; **сесть за ~** кванезе гIодор чIезе; **накры́ть ~** квен цебе лъезе; **диети́ческий ~** унтарасе чIезабураб (*гьесие данде кколеб)* квен 3) *уст. (отдел, учреждение)* отдел, стол; **па́спортный ~** (*милициялда*) паспортал кьолеб стол; **стол зака́зов** заказал кьолеб стол (бакI)

СТОЛБ *м* хIуби; **телегра́фный ~** телалъул хIуби; **позвоно́чный ~** мугъзагьод (мугъзал хIуби), гьодимокъ

СТОЛБЕНЕ́ТЬ *несов. разг.* цIоро-гьорон хутIизе (*виххун)*, хаган хутIизе, виххун хутIизе; тIилгIазе

СТОЛБ//ЕЦ *м* (*газеталда, тIехьалда*) гьоркь-тIад ругел мухъазул хIуби; **~цы́ цифр** цифрабазул (тарихазул) хIубал

СТОЛБНЯ́К *м мед.* собой, щукIдул рукIкIин

СТОЛЕ́ТИЕ *с* 1) (*век*) нусго сон, век, къарну 2) (*годовщина чего-л.*) нусго сон тIубай

СТОЛЕ́ТН//ИЙ, -яя, -ее 1) (*о сроке*) нусгосонилаб; **~яя война́** нусгосонилаб рагъ 2) (*о возрасте*) нусго сон бараб; **~ий дуб** нусго сон бараб миккигъветI; **~ий юбиле́й** нугсо сон тIубаялъул (*баялъул)* юбилей

СТОЛИ́ ЦА *ж* тахшагьар

СТОЛИ́ ЧНЫЙ, -ая, -ое тахшагьаралъул; **~ го́род** тахшагьар; **~ жи́ тель** тахшагьаралда гIумру гьабулев чи, тахшагьаралъулав

СТОЛКНОВЕ́НИЕ *с* **1.**(*по гл.* **столкну́ться**) цоцада дандтунки, цоцалъ тунки **2**. (*стычка*) тунка-гIуси **3**. (*спор, ссора*) къец, кьал ◊ **вооружённое ~** яргъилаб тунка-гIуси

СТОЛКНУ́ТЬ *сов. кого-что* 1) (*сдвинуть с места, сбросить*) тункизе; **~ ло́дку в во́ду** раса лъелъе тункизе 2) (*друг с другом*) цоцалъ тункизаризе, цоцалъ речIчIизаризе 3) цоцада данде рачине, данделъизаризе, данде ккезаризе

СТОЛКНУ́//ТЬСЯ *сов.* 1) *с кем-чем (удариться друг с другом*) цоцалъ речIчIизе 2) *с кем (встретиться)* данде чIвазе, данде ккезе; данделъизе

СТОЛКОВА́ТЬСЯ *сов. с кем-чем и без доп. разг.* рагIи данде ккезе, кIалъан цо пикруялде рачIине, къотIи-къай гьабизе

СТОЛОВА́ТЬСЯ *несов.* кванезе, квана-гьекъезе гIодор чIезе

СТОЛО́ВАЯ *ж* столовая, ашбаз, ашбазхана; кваналеб рукъ; **рабо́чая ~** хIалтIухъабазул столовая

СТОЛО́В//ЫЙ[1]**,** -ая,-ое 1) кванил; **~ая ло́жка** кванил гъуд; **~ый прибо́р** кванил тIагIел-гIучI 2) *(идущий в пищу)* квание хIалтIизабулеб, кваналеб; **~ая ты́ ква** кваналеб хъабахъ

СТОЛО́В//ЫЙ[2]**,** -ая, -ое (*для столовой*) столоваялъе, ашбазалъе бугеб; кваналеб рукъалъул; **~ый гарниту́р ме́бели** кваналеб рокъоб лъолеб мебель; **~ые часы́** столоваялда букIунеб сагIат, столоваялъул сагIат

СТОЛП *м* 1) хIуби 2) *перен.* кIудияв, цIар рагIарав хIаракатчи

СТОЛПИ́ТЬ *сов.* данде ракIаризе, руккел гьабизе, данде кIутIизе

СТОЛПИ́ТЬСЯ *сов.* рукка-руккелал лъугьине, данде ракIарун рукIине (*цо бакIалда*); гIемераб жо цо бакIалда букIине

СТОЛПОТВОРЕ́НИЕ *с* хъуй-хъай, гIемераб халкъ бакIараб бакIалда букIунеб гъавгъа; низам биххи ◊ **вавило́нское ~** гIадлу-низам гьечIеб дандеракIари; жура-гъурай; бигъараб лъугьа-бахъин

СТОЛЬ *нареч. разг.* гьедигIан **~ мно́го** гьедигIан гIемер; **э́то не ~ ва́жно** гьеб гьедигIан кIвар бугеб (*хIажатаб*) жо гуро

СТО́ЛЬКО *нареч.* гьедигIан, гьедигIан цIакъ; **он не ~ силён** дов гьедигIан кутакав чи гуро; **где он был ~ вре́мени?** гьедигIан заманалъ дов кив вукIарав (*гьебгощинаб мехалъ дов кив вукIарав*)?

СТОЛЯ́Р *м* цIулал устар

СТОЛЯ́РНИЧАТЬ *несов.* цIулал устарлъи гьабизе

СТОЛЯ́РН//ЫЙ, -ая, -ое цIулал устарлъул, цIулал устарасул; **~ый инструме́нт** цIулал устарасул тIагIел; **~ая рабо́та** цIулал хIалтIи; **~ый клей** цIулал сину

СТОМАТО́ЛОГ *м* гIусазул тохтур, ца-кIалалъул тохтур

СТОМАТОЛО́ГИЯ *ж* ца-кIалалъул унтабазда тIад хIалтIулеб медицинаялъул бутIа

СТОН *м* угьи, зигарди

СТОНА́ТЬ *несов.* угьдизе, зигардизе; **~ от бо́ли** унтиялъ зигардизе ◊ **~ под и́гом** *кого-чего-л. лъилниги* зулмуялда гьоркь зигардизе, инагьдизе

СТОП *межд.* чIезе те, чIа

СТОПА́[1] *ж* (*мн.* **стопы́**) (*ноги*) гьоркьахIетIе; **пло́ская ~á** гьоркьа лъухъаб хIетIе ◊ **идти́ по ~а́м** *лъилниги* нух ккун ине; мисал босизе, нахъвилъгьине; **припада́ть к ~м** бетIер чIвазе, хIелхIедизе, гьардезе

СТОПА́[2] *ж* (*мн.* **сто́пы**) *лит.* стопа (*кочIода жаниб роцада такрар гьабулеб бутIа)*

СТОПА́[3] *ж* (*мн.* **сто́пы**) тай, мачIу, пачка; **~ книг** тIахьазул тай, мачIу

СТОПА́[4] *ж* (*мн.* **сто́пы**) гьарацIи; **вы́пить стопу́ вина́** гьарацIи цIураб чагъир гьекъезе

СТО́ПКА[1] *ж* гъуни, гохI; **~ пи́ сем** кагътазул гъуни; **~ моне́т** гIисинаб гIарцул гохI, гъуни

СТО́ПКА[2] *ж (стаканчик)* гьитIинаб стакан (*чагъир гьекъолеб)*

СТОП-КРА́Н *м* стоп-кран (*хIажалъи ккани, поезд чIезабизе вагоналъуб букIунеб кран*)

СТО́ПОР *м тех.* стопор (*машинабазул рагъарулел бутIаби цо хIалалда чIезарулеб квегIенлъи)*

СТО́ПОРИТЬ *несов.что* машинаялъул яги механизмалъул хьвади чIезе *яги* хьадар гьабизе; *сундулниги* цебетIей чIезабизе *яги* хьадар гьабизе

СТО́ПОРИ//ТЬСЯ *несов.* 1) (*о машине*) хъегъезе, чIезе, багъаричIого чIезе, тиричIого чIезе 2) *перен. разг.* чIун хутIизе

СТОПРОЦЕ́НТН//ЫЙ, -ая,-ое 1) нусго процеталъул; **~ый раство́р** нусго процеталъул раствор (*билъен*) 2) (*полный, сплошной*) тIубараб нормаялъул, тIубараб; **~ая я́вка** киналго рачIин (*рачIун руго*)

СТОП-СИГНА́Л *м* тормоз гьабун букIин бихьизабулеб канлъул сингал

СТО́ПТАНН//ЫЙ, -ая, -ое гъаркьун рехарал, щинкIида арал, агъла арал; **~ая о́бувь** гъаркьун рехарал хьитал; **~ые каблу́ки́** щинкIида арал угъдул

СТОПТА́ТЬ *сов.что* гъаркьун рехизе; щинкIида инаризе (*гIемер ретIун, цояб рахъ чIикIизабун гьетIизаризе (хьитал*); **~ сапоги́** чакмаби щинкIида инаризе (*гъаркьун рехизе*)

СТОПТА́ТЬСЯ *сов.* цояб рахъалде гьетIизе, щинкIида ине *(хьитал, чакмаби)*

СТОРГОВА́ТЬ *сов.* даран гьабун босизе

СТОРГОВА́ТЬСЯ *сов. с кем и без доп.* дармилъ багьаялда рекъе-решезе, мухьалда рекъезе, даран данде ккезабизе, цо багьаялде рачIине

СТОРИ´ ЦЕЙ, СТОРИ´ ЦЕЮ *нареч.* нусцIул, цIакъ гIемер нухалъ; гIемерцIул; **воздáть** *кому-л. ~ лъиениги* нусго нухалъ цIикIкIун бецIизе

СТÓРОЖ *м* хъаравул

СТОРОЖЕВ//ÓЙ, -áя, -óе хъаравуллъиялъул; **~áя вы´шка** хъаравуллъиялъул си; **~óе сýдно** хъаравуллъи гьабулеб гама; **~áя слýжба** хъаравуллъиялъул хъулухъ

СТОРОЖИ´ ТЬ *несов. кого-что* хъаравуллъи гьабизе

СТОРÓЖКА *ж* хъаравуласул рукъ

СТОРОН//Á *ж* 1) *в разн. знач.* рахъ; **в ~у лéса** рохь бугеб (*рохьил*) рахъалдехун; **со всех сторóн** кинабго рахъалдасан; **по обéим ~ám дорóги** нухлул кIиябго рахъалда; **положи´ тельная ~á** *чего-л. сундулниги* лъикIаб рахъ; **лицевáя ~á матéрии** хамил гьумераб рахъ 2) (*страна, местность*) улка, вилаят; бакI; **роднáя ~а** нилъерго бакI (*рахъ*) ◊ **в ~é остáвить** къватIиб тезе; **шýтки в ~у** махсараби жалго те; **моё дéло – ~á** дир иш гьечIо; **встать на** *чью-л.* **стóрону** *лъилниги* рахъ кквезе; **с моéй ~ы´** дир рахъалдасан; **с другóй ~ы** цойгияб рахъалъ; **рóдственники со ~ы´ мáтери** эбелалъул рахъалдасан (эбелдахъан) гIагарал чагIи

СТОРОНИ́ТЬСЯ *несов.* 1) (*отходить в сторону*) цояб рахъалде хьвазе, нух тезе, цояб рахъалде ине, добегIан къазе 2) *кого-чего перен. (избегать)* данде ккезе бокьичIого цояб рахъалде хьвазе; **~ друзéй** гьалмагъзабаздаса вахчизе, нахъе кьан чIезе

СТОРÓННИЙ, -яя, -ее къватIисеб; чияраб; битIухъе тIаде кколареб

СТОРÓННИК *м лъилниги* рахъ ккурав чи, хIалае вахъунев чи

СТОРУБЛЁВКА *ж разг.* анцIго туменалъул кагъат, нусго гъурщил кагъат

СТОРУБЛЁВ//ЫЙ, -ая, -ое нусго гъурущалъул (*гъурщилаб*); анцIго туменалъулаб; **~ая ассигнáция** анцIго туменалъул кагъат (*гIарац*); **~ая покýпка** нусго гъурщиде босараб жо, нусго гъурщил даран

СТОСКОВÁТЬСЯ *сов. о ком-чем, по кому-чему, по ком-чем* урхъизе, чIалгIине, ракI щвезе

СТОЧИ´ ТЬ *сов. что* ханида лъухьун, бахкада бахъун, чархида ккун, рекIинабизе, бахъизе; **~ зазýбрины на ножé** носода бугеб кьужен тIагIинабизе, гажахин лъугIизабизе (*чархида кквезе*)

СТОЧИ́ТЬСЯ *сов.* гIемер лъухьиялъ, чархида кквеялъ тIеренлъизе, чIедерлъизе

СТÓЧН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*служащий для стока*) чвахизе (*лъураб*) бугеб; **~ые трýбы** (*лъим*) чвахизе лъурал рогIрал 2) (*имеющий сток*) *кибе бугониги* чвахи бугеб ◊ **~ые вóды** чвахун унел хъубал лъинал, канализациялъусан унел лъинал

СТОШНИ´ //ТЬ *сов. кого безл.* лагIизе, лагIизабизе, лагIизе бачIине, гьегIдезабизе, ракI сверизабизе

СТÓЯ *деепр., нареч.* вахъун чIун, эхетухъего; **читáть ~** вахъун чIовухъе цIализе

СТОЯ́К *м* 1) хIуби 2) *щибниги тIад базабизе, цолъизабизе* эхетизабураб труба, цили, хIуби

СТОЯ´ Л//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*о лошади*) гIемераб мехалъ хIалтIизабичIого тараб 2) (*долго стоявший, испорченный*) чIараб, гIемераб мех бараб; **~ая водá** чIараб лъим, мех бараб лъим; **~ый мёд** мех бараб гьоцIо

СТОЯ´ НКА *ж* 1) (*останóвка*) чIолеб бакI; **~а автóбусов** автобусал чIолеб бакI 2) (*место*) **мéсто ~и** чIараб бакI 3) *археол.* некIсияб росу, цIакъго цебе заманалда инсанасул мина-къайи букIараб бакI

СТО//Я´ ТЬ *несов.* 1) бахъун чIезе, эхетун чIезе; **часовóй ~и´ т** хъаравул вахъун чIун вуго; **~ я´ть на колéнях** накабазда чIезе 2) (*находиться*) букIине; **стол ~ и´т у окнá** стол горда аскIоб буго; **дом ~и´ т на берегý реки´** рукъ гIурул рагIалда буго; **лóшади ~я´ т в конюшне** чуял бокьор руго 3) (*о часах*) чIезе 4) (*бездействовать*) чIезе, чIун букIине; **маши´на ~я´ ла два часá** машина кIиго сагIаталъ чIун букIана 5) (*быть расположенным*) **отря´д ~ит в дерéвне** къукъа росулъ буго; **селó ~ит на горé** росу магIарда тIад буго 6) *перен. (защищать*) рахъ кквезе; **~ть за прáвду** битIараллъул (*ритIухълъиялъул*) рахъ кквезе ◊ **врéмя не ~и´ т** заман чIун букIунаро; **я на э´ том ~ю´** дун диргояб ккун чIун вуго; **над душóй ~и´т** тIаса вичIуларо; **~я´ть во главé** бетIерлъи гьабизе; **~я´ть на стрáже ми´ра** рекъел цIуниялъул (ракълил) хъаравуллъуда ру-кIине

СТОЯ´ Ч//ИЙ, -ая, -ее 1) эхетараб, бахъун чIараб; **~ воротни´к** бахъун чIараб габур (*гвердил ва гь.ц.*) 2) (*непроточный*) чIараб, чвахун унареб (*лъим*); **~ая водá** чIараб лъим

СТРАДÁ *ж* лъилъарул гIуж; захIматаб хIалтIул заман

СТРАДÁЛЕЦ *м* гIемер гIазаб-гIакъуба бихьарав чи; гIемер къварилъи (рухIел) бихьарав чи

СТРАДÁЛЬЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое 1) гIемераб гIакъуба-къварилъи бихьараб; рухIел гIемер бихьараб 2) гIемер рухIел бихьарасулаб; **~ое лицó** гIемер гIакъуба-гIазаб бихьарав чиясул гьумер

СТРАДÁНИ//Е *с* гIазаб-гIакъуба; рухIел бихьи; балагьал хIехьезе ккей

СТРАДÁ//ТЬ *несов.* 1) *от чего, чем* кутакаб унти лъазе, унтул гIазаб тIаде ккезе; **~ть головны´ми бóлями** ботIрол унтиялъ гIазаб-гIакъуба кьезе 2) *от чего, за что (терпеть ущерб)* гIазабалде ккезе, гIакъуба-къварилъиялде ккезе; зарар-зиян ккезе (*сундасанниги*); **посéвы ~ют от сорнякóв** рекьарал жалазе чIараца (*сусуралъ*) зарал гьабулеб буго 3) квешаб букIине (*квеш лъугьине*), щвалде щвечIого, кколеб даражаялде бахинчIого бу-кIине; гIунгутIаби рукIине; **у ученикá ~ет грáмотность** цIалдохъанасул хъвай-хъвагIаялъулъ гIунгутIаби руго; **книгá ~ет бóльши´ ми недостáтками** тIехьалъул гIемерал гIунгутIаби руго

СТРÁДН//ЫЙ, -ая, -ое: **~ая порá** кьалха-риххараб заман, хIалтIуда риххараб заман

СТРАЖ *м* хъаравул; *щибниги* цIунулев (*цIунун тарав*) чи

СТРÁЖ//А *ж* кодоб ярагъгун *щибниги* цIунулеб хъаравуллъи ◊ **быть под ~ей** жанив тIамун вукIине; **взять пóд ~у** жанив тIамизе; **стоя´ ть на ~е** цIунизе, цIунун чIезе

СТРАН//Á *ж* улка, бакI, рахъ; ракь, вилаят, пачалихъ; **капиталисти´ ческие ~ы** капиталистиял улкаби

СТРАНИ́Ц//А *ж* 1) тIанчил гьумер, цояб рахъ (*тIехьалда, тетрадалда*),тIамач 2) (*сундулниги цебетIеялда*) цо хасаб заман, цо ккураб заман, лахIзат ◊ **~ егó жи´зни** гьесул гIумруялъул цо хасаб бутIа (*заман*); **вписáть нóвую ~у** *во что-л. щибниги* цIияб жо гьабизе (*сундулъниги*)

СТРÁННИК *м* дуниялтерк, ракьал тирулев, кидаго нухда, сапаразда вукIунев чи; дарвиш; хириял бакIазде зияраталъ хьвадулев чи

СТРÁННО 1. *нареч.* тамашаго, хIикматго; **он óчень ~ говори´ т** дов цIакъ тамашаго кIалъала **2**. *в знач. сказ. безл.* тамаша (буго); **~, что вы э´того не знáете** тамаша дуда гьеб лъалеб гьечIолъи (дуда гьеб лъангутIи тамаша буго)

СТРÁННОСТ//Ь *ж* тамашалъи, хIикмалъи, гIадатияб гуреб жо; **человéк со ~ями** тамашаяв, гIажаибав чи; тамашаял, гIадатиял гурел, хIикмалъи гьаризе ккарал пикраби, ишал, гIамал-хасияталъул рахъал

СТРÁННЫЙ, -ая, -ое тамашаяб, хIикматаб, гIажаибаб; **~ вы человéк** тамашаяв чи вуго мун

СТРÁНСТВИЕ, СТРÁНСТВОВАНИЕ *с* дуниял терки, дуниял тиризе вахъин, рикIкIаде сапаралъ ин (*сапар бухъин*)

СТРÁНСТВОВАТЬ *несов.* сапаразде вахъине, дуниял теркизе, батIиял улкабазде хьвадизе; **~ по всемý свéту** дуниял тиризе

СТРÁСТНО *нареч.* цIакъ шавкъалда, кутакаб гIишкъуялда; **~ люби´ ть** *что-л.* цIакъ кутакалда *щибниги* бокьизе

СТРÁСТНОСТЬ *ж* цIакъ кутакаб шавкъ, гIишкъу

СТРÁСТН//ЫЙ, -ая, -ое кутакаб шавкъ бугев, кутакаб гIишкъуялъул; хIасраталъ вухIулев; *щибниги* ишалде кутакалда машгъулав (*чи*); **~ая рéчь** шавкъалда гьабураб кIалъай; **~ый охóтник** кутакаб шавкъ (*гъира*) бугев чанахъан; **~ый взгля´д** хIасратаб балагьи

СТРАСТЬ[1] *ж* 1) кутакаб гIишкъу, шавкъ, кутакаб гъира 2) гьава, хIасрат

СТРАСТЬ[2] *ж разг. (ужас, страх)* хIинкъи, карабиххи

СТРАТÉГ *м* стратегиялъул махшел бугев бодул (*аскаралъул*) бетIер; политикияб къеркьей лъалев чи

СТРАТЕГИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое стратегиялъул, стратегияб; стратегиялъул тIалабазе жаваб кьолеб; **~ план** стратегияб план

СТРАТЕ́ГИЯ *ж воен.* стратегия (1 *рагъ гьабулеб куцалъул гIелму;* 2 *перен. жамгIияб, политикияб къеркьеялъе нухмалъи гьабизе бугеб гьунар)*

СТРАТОНА́ВТ *м* стратонавт (*стратосфераялде воржунев чи*)

СТРАТОПЛА́Н *м* стратоплан (*стратосфераялде боржунеб самолет*)

СТРАТОСТА́Т *м* стратостат (*стратосфераялде биччалеб гьавадул шар*)

СТРАТОСФЕ́РА *ж* стратосфера (*гьаваялъул тIасияб гъат, ралъдадаса 9–11 километралъул манзилалда борхалъудаса гIебеде бугеб гъат*)

СТРА́УС *м зоол.* варанихIинчI

СТРАХ[1] *м* 1) хIинкъи, карабиххи; **его́ охвати́ л ~** гьесул кара биххана; хIинкъизесеб, хIинкъизе бегьулеб жо ◊ **под ~ом сме́рти** хвалил хIинкъиялда гъоркь; **на свой ~** жинцаго жаваб кьезелъун

СТРАХ[2] *нареч. разг.* кутакалда, гIорхъолъа ун (*борчIун*)

СТРАХКА́ССА *ж* страхкасса

СТРАХОВА́НИЕ *с* страхование (*хасаб организациялъ (гIуцIиялъ) цереккун взносал (хIакъ) кьурал гIадамазе, идарабазе ракIалдаго гьечIого ккарал тIабигIиял ва гь.ц. балагьазул, кварильабазул зарал бецIулеб къагIида); ~* **иму́щества** буголъиялъул страхование гьаби

СТРАХОВА́ТЕЛЬ *м* жиндирго гIумруялъул, буголъиялъул страхование гьабурав чи

СТРАХОВА́ТЬ *несов.* 1) *кого-что* страхование гьабизе, бецIизелъун къотIи гьабизе, къотIи хъвазе (*данде кколеб идарагун*) 2) *кого перен. (предохранять)* цIунизе (*бакъан гуреб, кьваригIунареб, хIажат гьечIеб жоялдаса, пашманлъизесеб ишалдаса*) 3) *кого спорт.* цIунизе; **~ гимна́ста** гимнаст цIунизе (*щибниги гьабулаго талихI къосиналдаса, балагьалдаса*)

СТРАХОВА́ТЬСЯ *несов.* 1) (*жиндирго*) гIумруялъул, буголъиялъул страхование гьабизе 2) *перен. щиб букIаниги – кинаб букIаниги* рокьукъаб, хIажат гьечIеб жоялдаса живго цIунизе жигар бахъизе

СТРАХО́ВКА *ж разг.* 1) страхование гьаби 2) страхования-лъухъ кьолеб мухь 3) *перен. сундасаниги* живго цIуни

СТРАХО́ВЩИК *м* страховщик (*страхование гьабураб мехалъ, гьелъул мухь кьезе тIаде босарав чи (яги идара*)

СТРАШИ́ ЛИЩЕ *с* хIинкъараб сипат-сураталъул жо, цIакъ рокьукъаб, рекIелъе хIинкъи ккезабулеб жо; богIоло

СТРАШИ́ТЬ *несов. кого* хIинкъизабизе, рахIат хвезабизе, ракI пахьтIизабизе, кара биххизабизе; **меня́ ~т мысль об э́том** гьелъул хIакъалъулъ пикру гьабиялъ (*гьабидал*) дун хIинкъизавула (*дир рахIат хвезабула*)

СТРАШИ́ТЬСЯ *несов. кого-чего* хIинкъизе, ракI пахьтIизе, рекIелъе хIинкъи ккезе, кара биххизе; **~ сме́рти** хвалдаса хIинкъизе

СТРА́ШНО 1) *нареч. разг. (очень сильно)* цIакъ кутакалда, хIаталдаса ун; **я ~ уста́л** дун цIакъ кутакалда свакана 2) *в знач. сказ. безл.* хIинкъула; **мне ~!** дун хIинкъула (*хIинкъун вуго*)

СТРА́ШНЫЙ, -ая, -ое 1) (*вызывающий чувство страха*) хIинкъи бугеб, рекIелъе хIинкъи ккезабулеб; **~ расска́з** рекIелъе хIинкъи ккезабулеб хабар 2) (*очень сильный*) *разг.* кутакаб, цIакъ кутакаб; **~ шум** кутакаб хъуй ◊ **~ суд** *рел.* хIисаб-суалалъул къо

СТРАЩА́ТЬ *несов. кого-что прост.* хIинкъизабизе, хIинкъи кьезе

СТРЕКА́Ч *м*: **дать ~а́** *разг.* тIуризе, тIурун ине

СТРЕКОЗА́ *ж* гарцI

СТРЕКОТА́НИЕ *с* цIицIиди, чIиргъи-хъуй

СТРЕКОТА́ТЬ *несов.* цIицIидизе, чIиргъи-хъуй бахъинабизе

СТРЕЛА́ *ж* чIор; **как ~** чIор гIадин (*битIун ине*)

СТРЕ́ЛКА *ж* 1) чIорил сурат (*картаялда*) 2) *ж.-д.* стрелка (*цо нухдаса цоги нухде поезд бачине рельсазда букIунеб механизм*) 3) хъаравул (*сагIтил*)

СТРЕЛКО́ВЫЙ, -ая, -ое 1) кьвагьдеялъул, кьвагьдохъан-лъиялъул 2) кьвагьдохъанасул

СТРЕЛО́К *м* 1) кьвагьдохъан, гIужилав кьвагьдохъан (*гIужихъан*) 2) *воен.* лъелал аскаразул солдат (*туманкI ва цогидабги кьвагьун речIчIулеб ярагъ хIалтIизабулев*)

СТРЕ́ЛОЧНИК *м ж.-д.* стрелочник (*маххул нухда стрелка хIалтIизабулев (боркулев), гьелъул кумекалдалъун поезд батIияб нухде ккезабулев чи*)

СТРЕЛЬБ//А́ *ж* кьвагьдей, кьвагьи (*кьвагьулеб гьаракь*); **~ в цель** гIужде кьвагьдей (*кьвагьдезе ругьун гьари)*; **откры́ть ~ у́** кьвагьи бахъинабизе, туманкI базе

СТРЕ́ЛЬБИЩЕ *с* кьвагьдолеб бакI (*кьвагьдезе ругьун гьарулеб бакI*)

СТРЕ́ЛЬЧАТЫЙ, -ая, -ое 1) тIогьиса бегIераб кIамуриялъул форма бугеб (*городу, тIох*) 2) чIоралда релъдараб (*чIоргIадаб*) 3) чIорахараб, чIорал рехараб

СТРЕ́ЛЯН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*о дичи*) туманкI речIчIун чIвараб 2) жинде гIемер туманкI кьвагьараб 3) (*использованный*) кьвагьараб; **~ые патро́ны** кьвагьарал патронал ◊ **~ый воробе́й** *разг.* гIемер хIалбихьи бугев чи

СТРЕЛЯ́ТЬ *несов.* 1) *кого-что и без доп.* кьвагьизе, ре-чIчIизе; (*туманкI*) речIчIун чIвазе; **~ из ружья́** туманкI речIчIизе; **~ в цель** гIужда речIчIизе; **~ у́ток** ордекал чIвазе ◊ **~ глаза́ми** берал речIчIизаризе

СТРЕЛЯ́ТЬСЯ *несов.* 1) *уст. (на дуэли)* цоцада речIчIизе, цоцаде кьвагьдезе 2) *разг. (стрелять в себя)* живго жинцаго чIвазелъун речIчIизе, жиндаго речIчIизе

СТРЕМГЛА́В *нареч.* цIакъ гIедегIун, лъураб хIалалъ, паркъун, рухсан, цIакъ хех, хъата-масан; **он ~ вы́ бежал из ко́мнаты** гьев рокъоса къватIиве цIакъ хехго векерун вачIана

СТРЕМЕННО́Й, -а́я, -о́е *см.* **стремя́ нный**

СТРЕМИ́ ТЕЛЬНОСТЬ *ж* кутакаб тирилъи, лъураб хIалалъ ин, гIедегIи, рухсай

СТРЕМИ́ ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое цIакъ тирияб, лъураб хIалалда унеб, хехаб, сундухъго балагьичIого унеб, рухсараб

СТРЕМИ́ ТЬСЯ *несов. к кому-чему и с неопр.* лъураб хIалалъ церехун ине, цо рахъалдехун ралагьун ине; сундухъго балагьи-чIого лъураб хIалалда ине, хехго цере ине; *кириниги* ине, щвезе жигар бахъизе, къасд гьабизе; **~ к зна́ниям** лъай щвеялъе (*щвезе*) жигар бахъизе

СТРЕМЛЕ́НИЕ *с* лъураб хIалалъ ин; жигар бахъи, хIаракат бахъи; **~ учи́ться** цIализе жигар бахъи; **~ к побе́де** бергьенлъи-ялъе жигар бахъи

СТРЕМНИ́НА *ж* 1) гIурул, ихил лъим гьалагго, хехго унеб бакI 2) (*обрыв*) парсил ргIал, кьуру тIун араб бакI

СТРЕ́МЯ *с* (*мн.* **стремена́**) озденг, хIетIечIел

СТРЕМЯ́ НКА *ж* тIадагьаб сукIулеб мали

СТРЕМЯ́ ННЫЙ, -ая, -ое 1) чое хъулухъ гьабулев ргьтIател, мигьтар 2) некIо (*16–17 веказда*) пачаясул чол озденг ккколев хъулухъчи

СТРЕНО́ЖИТЬ *сов.кого* лъабохида биччазе, лъабида биччазе (*чу*); чода хIатIирухьен базе, хIатIирухьада биччазе

СТРЕСС *м* стресс (*квачараб, хIинкъараб, ракъараб... мехалъ гIадамазул ва хIайваназул черхалъул букIунеб хIалуцараб хIал*)

СТРИГА́ЛЬН//ЫЙ, -ая,-ое рас къунцIулеб, квас къунцIулеб; **~ая маши́ на** квас къунцIулеб машина (*къунцIарулеб машина*)

СТРИГУ́Н, СТРИГУНО́К *м* лъагIел бараб тайи (*жал къунцIараб тайи*)

СТРИ́ Ж *м зоол.* кьурумилъиршо

СТРИ́ ЖЕН//ЫЙ, -ая, -ое тIаса квас-рас къунцIараб; **~ая голова́** (*рас*) къунцIараб бетIер; **~ая овца́** (*квас*) къунцIараб чахъу

СТРИ́ ЖК//А *ж* **1.** (*по гл.* **стричь**) къунцIи; рас къунцIи; **маши́нка для ~и** къунцIарулеб машинка, рас къунцIулеб машинка **2**. (*способ подстригания волос*) рас къунцIараб куц, къунцIулеб куц, форма **3**. кIури; **~а ве́ток** гIаркьалаби кIури

СТРИЧЬ *несов. кого-что* кIвекьмаххалъ, машинкаялъ къунцIизе (*рас, квас, малъал*); **~ но́гти** малъал къунцIизе; **~ во́лосы** рас къунцIизе (*бетIер къунцIизе*) ◊ **~ всех под одну́ гребёнку** батIалъиялъухъ ралагьичIого киналго ращад гьаризе

СТРИ́ ЧЬСЯ *несов.* 1) (*стричь себе волосы*) (*жиндирго*) рас къунцIизе; **~ у парикма́хера** даллакас бетIер къунцIизе (*даллакасда къунцIизабизе*) **2.** къокъаб рас тезе, *кидаго* гьеб къунцIизе

СТРОГА́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое сургу бахъулеб; **~ стано́к** сургу бахъулеб станок

СТРОГА́ТЬ *несов. что* тIад сургу базе; хведер бахъизе; **~ до́ску** хъорщода сургу базе (бахъизе, тIамизе)

СТРО́Г//ИЙ, -ая, -ое 1) (*требовательный*) тIалаб цИкIкIарав (*хIалтIулъ, цIалулъ...*); **~ий учи́тель** тIалаб цИкIкIарав учитель 2) (*суровый*) кьварараб; **~ая дисципли́на** кьварараб гIадлу; рокьи́ кьолареб 3) (*точный*) битIараб, цIакъ мухIканаб, добе-гьанибе кьуричIеб; **~ий учёт** битIараб, мухIканаб хIисаб-суал 4) (*морально чистый*) рухIияб (*адаб-хасияталъул*) рахъалъ вацIцIадав; **~ие нра́вы** рухIияб рахъалъ рацIцIадал хасиятал 5) (*правильный*) битIараб; рекъараб; **~ие черты́ лица́** гьурмалъ рекъей, рекъараб куц-мохъ

СТРО́ГО *нареч.* 1) (*требовательно, сурово*) кьварун, кьварараб хIалалда, кIвакIун; унго-унголъун тIад чIун 2) (*совершенно точно*) унго-унголъун битIун, цIакъ битIун; **~ по спи́ску** цIакъ (*битIун*) сияхIалда рекъон 3) (*скромно*) гIадатго, чIухIа-къули гьечIого; **~ одева́ться** гIадатго ретIа къан вукIине ◊ **~ – на́строго** цIакъ кьварун; **~ воспреща́ется** цIакъ кьварун гьукъула

СТРО́ГОСТЬ *ж* кьвари, кIвакIи, рокьи́ кьунгутIи

СТРОЕВ//О́Й[1], -а́я, -о́е *воен.* строялъул; **~а́я часть** битIахъе рагъулъ гIахьаллъи гьабиялъе хIадурараб часть; *гьединал* частазда хъулухъ гьабулев

СТРОЕВО́Й[2], -а́я, -о́е (*о лесе*) ригьзал раялъе ярагьунеб, хIалтIизабизе бегьулеб; битIараб, халатаб; **~ лес** ритIарал, халатал гьутIби ругеб рохь

СТРОЕ́НИЕ *с* 1) (*здание, постройка*) ригь, мина 2) (*структура*) гIу́цIцIи, сокIкIин, рекъезабун бай

СТРОИ́ТЕЛЬ *м* 1) мина балев чи, ригь гьабулев чи 2) *перен.* жинца *щибниги* гIуцIулев, балев чи

СТРОИ́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое (*ригь*) баялъул, гIуцIиялъул; **~ые рабо́ты** (*ригь*) баялъул хIалтIаби; **~ый материа́л** ригь базе хIажалъулеб материал, рихьи-цIул

СТРОИ́ТЕЛЬСТВО *с* 1) (*процесс*) бай, гIуцIи, сокIкIин; **~ школ** школал рай 2) (*объект*) ралел ругел рукъзал, мина балеб бакI

СТРО́ИТЬ *несов.* 1) *что (производить постройку*) базе, гьабизе; **~ мост** кьо базе 2) гIуцIизе; **пра́вильно ~ мысль** пикру битIун гIуцIизе; **~ предложе́ние** предложение гIуцIизе 3) *что (мысленно создавать)*: **~ пла́ны** планал ургъизе 4) низамалда чIезабизе; иргаялда, кьерда чIезабизе; **~ отря́д** къукъа низамалда чIезабизе

СТРО́ИТЬСЯ *несов.* 1) (*строить себе что-л.*) гIуцIизе, базе, гьабизе, санагIаталда рекъезабизе 2) (*становиться в строй*) кьерда, низамалда чIезе

СТРО//Й *м* 1) гIуцIи́; **государственный ~й** пачалихъияб (пачалихъалъул) гIуцIи 2) *воен., спорт.* строй, кьер; тартиб, ирга, низам; **стоя́ть в ~ю́** кьерда чIезе 3) гIуцIи; **граммати́ческий ~й** грамматикияб гIуцIи ◊ **вы́ вести из ~я** ярагьунареб хIалалде ккезабизе, хIалтIун бажаруларе б хIалалде ккезабизе; **вы́йти из ~я** хвезе, бекизе; чIун хутIизе; хIалтIун бажарунгутIизе

СТРО́ЙК//А *ж* **1.** (*по гл.* **стро́ить**) бай, гьаби, гIу́цIи **2.** (*объект строительства*) ригь балеб бакI; бараб ригь, мина; **рабо́тать на ~е** ригь балеб бакIалда хIалтIизе

СТРОЙМАТЕРИА́ЛЫ *мн.* (*строительные материалы*) ригь базе кьваригIунел жал (*цIул-цIа, цемент...*)

СТРО́ЙНОСТЬ *ж* 1) (*фигуры) (гармоничность)* чергеслъи, лага-черх рекъей, къартI буголъи, гьайбатлъи 2) (*мысли, изложения*) рекъа-решей (*пикруялъул*)

СТРО́ЙН//ЫЙ, -ая, -ое 1) чергесаб лагаялъул, лага-черх рекъараб, гьайбатаб, чIурканаб 2) (*ровный*) рекъа-решараб, битIараб; **~ые ряды́** ритIарал кьерал

СТРОК//А́ *ж* мухъ; **писа́ть с кра́сной ~и́** цIияб мухъдасан хъвазе ◊ **чита́ть ме́жду строк** нахъгIунтIизе, бахчараб магIна бичIчIизе, лъазе

СТРО́НУТЬ *сов. кого-что* чIаралъуса, лъуралъуса багъаризабизе; **~ теле́гу с ме́ста** гьоко чIаралъуса багъаризабизе

СТРО́НУТЬСЯ *сов.разг.* чIаралъуса, лъуралъуса багъаризе; туркIи щвезе

СТРО́НЦИЙ *м* стронций (*хим. элемент, металл*)

СТРОПИ́ЛО *с* стропило (*чердакалда тIад махх, щегI, шифер кколаго, тIад хъарщал кьабизе, цо рахъги къадазде базабун, тIасияб рахъ бокIонккун цолъизабураб кIиго рахи*)

СТРОПТИ́ВОСТЬ *ж* нагIадала кквей, мекълъи, къедаллъи

СТРОПТИ́ВЫЙ, -ая, -ое (*действующий наперекор*) нагIадала ккун чIолев, мекъав, къедалав; **~ ребёнок** гIамал мекъаб лъимер

СТРОФА́ *ж* строфа (*кочIол цо чанго мухъидасан гIуцIараб бутIа*)

СТРОЧИ́ТЬ *несов.* 1) *что и без доп. (шить)* кьегI чIван букъизе; мухъ гьабун букъизе 2) *что и без доп. перен. разг. (писать)* хехго, гIедегIун хъвазе; **~ письмо́** кагъат гIедегIун хъвазе 3) *перен. разг. (стрелять)* тIвар-тIвари бахъинабизе, басаринабизе; **~ из автома́та** автоматалдасан басаринабизе

СТРО́ЧКА[1] *ж* 1) (*по гл.* **строчи́ть**) мухъ гьабун букъи 2) (*шов*) рукъи́

СТРО́Ч//КА[2] *ж (строка)* мухъ; **написа́ть не́сколько ~ек** чанго мухъ хъвазе

СТРОЧН//О́Й, -а́я, -о́е: **~а́я бу́ква** мухъилаб хIарп (*гьитIинаб хIарп*)

СТРУ́ЖКА *ж* хведер, *щибниги* буцIараб жо

СТРУИ́ТЬСЯ *несов.* чIваби лъугьун чвахизе

СТРУКТУ́РА *ж* гIуцIи́; гIуцIун бугеб куц, гIуцIараб къа-гIида; **~ госуда́рственного аппара́та** пачалихъияб аппараталъул гIуцIи́; *жидедасан щибниги* гIуцIарал бутIабазул бухьен, гьоркьоблъи

СТРУН//А́ *ж* гIатI, чIва; **~ы гита́ры** гитараялъул чIваби; ◊ **заде́ть больну́ю ~у́** басрияб ругъналъ рикIаризе, басрияб ругъун цIи гьабизе; бокьуларе б бакIалде каву рагьизе

СТРУ́ННЫЙ, -ая, -ое 1) гIатIал рараб, чIваби ругеб (*чагъана, пандур, мандолина ва ц.*) 2) чIваби ругел алатаздасан данде гьабураб (*оркестр*)

СТРУП *м* макъар, хъал (*ругъуналда тIад къараб*), чанхъ

СТРУ́СИТЬ *сов.* хIинкъизе (*лъикьаниги-сункьаниги*)

СТРУСИ́ТЬ *сов.* 1) кIутIизе (*бацIцIад гьабизелъун*) 2) кIутIун, кIобокIун *сундасаниги* хъурараб жо гIодобе базе, нахъе инабизе

СТРУЧКО́ВЫЙ, -ая, -ое мочу бугеб, мочуялъул

СТРУЧО́К *м* мочу (*гьалил, багIаргьолоялъул*)

СТРУ//Я́ *ж* 1) тIеренаб чвахи, *лъадал ва цогидаб лъа-малъиялъул* речIчIун бачIунеб тIеренаб чIва, чIор; **~я́ воды́** лъел чIва 2) *перен.* аслияб рахъ; гIаламат (*сундулъниги*) ◊ **вноси́ть све́жую ~ю́** чIаголъизабизе; интересияблъун гьабизе; **попа́сть в ~ю́** *кинаб бугониги* ишалъул, багъа-бачариялъул аслияб рахъалда ругьунлъизе, *гьеб* бичIчIизе; гьорлъе ккезе

СТРЯ́ПАТЬ *несов. что и без доп. 1) (готовить пищу)* хIадур гьабизе, квен гьабизе 2) *пренебр. (сочинять, писать, рисовать*) тIаса-масаго хъвадаризе, суратал рахъизе, ургъун бахъизе

СТРЯПНЯ́ *ж разг.* **1.** (*по гл.* **стря́пать**) квен гьаби **2.** *кинаб бугониги* гьабураб жо, квен **3.** махшел гьечIого хъвараб жо

СТРЯС//ТИ́СЬ *сов. разг. щибниги* лъугьине, ккезе; **с ним ~ла́сь беда́** досде балагь бачIана, досие кьварилъи ккана

СТРЯ́ХИВАТЬ *несов. см.* **стряхну́ть**

СТРЯХНУ́ТЬ *сов. что* кIутIизе, кIутIун гIодобе гьинабизе; гIодобе кIутIизе; **~ снег с ша́пки** тIогьродаса гIазу гIодобе кIутIизе

СТУДЕ́НТ *м* студент

СТУДЕ́НТКА *ж* студентка

СТУДЕ́НЧЕСКИЙ, -ая, -ое студентазул; студентлъиялъул; **~ое общежи́тие** студентазул общежитие

СТУДЕ́НЧЕСТВО *с* студентал; студентлъи

СТУДЁН//ЫЙ, -ая, -ое цIорорав, цIакъ квачараб, цIакъ цIорорав; **~ая вода́** цIакъ цIорорав лъим

СТУ́ДЕНЬ *м* холодец (*гьан яги ччугIа белъараб гьагIу цIорозабун бетидал лъугьунеб квен*)

СТУДИ́ТЬ *несов.*цIорозабизе, квачазабизе

СТУ́ДИЯ *ж* студия (1 *художникасул, скульпторасул хIалтIулеб рукъ;* 2 *музыка, кьурди, сурат бахъи, скульптура малъулеб школа, класс)*

СТУ́ЖА *ж разг.* кутакаб цIорой, квач

СТУК *м* тунки, кIутIи; тенколеб гьаракъ; тIвапи; **~ се́рдца** рекIел тIвапи; **~ в дверь** нуцIида кIутIи

СТУ́КАТЬ(СЯ) *несов. см.* **сту́кнуть(ся)**

СТУ́ КНУ//ТЬ *сов.* 1) тункизе, кьабизе, бухизе; **~ кулако́м по столу́** заруца стол бухизе 2) кIутIизе, тIинкъизе; **кто́-то ~л в дверь** лъицаялиго нуцIида кIутIана 3) *перен.* щвезе, гIунтIизе, вахине; **ему́ ~ло 40 лет** дов 40 соналде вахана

СТУ́КНУТЬСЯ *сов.* тункизе, кьабизе; **~ голово́й об дверь** нуцIида бетIер тункизе

СТУЛ *м* 1) (*мн.* **сту́лья**) (*мугъ чIвалеб*) бакI 2) *мед.* гъиз бачIин ◊ **сиде́ть ме́жду двух ~ьев** битIаралдаги тIекъалдаги тIад рекъезе

СТУ́ПА *ж* ражихо, *щибниги* жаниб чухIизе бугеб алат; ◊ **в сту́пе во́ду толо́чь** пайда гьечIеб (*хIасил кколареб*) хIалтIи гьабизе

СТУПА́//ТЬ *несов.* 1) галаби тIамизе 2) ине: **~й в апте́ку** ворта аптекаялде; **~й скоре́е!** хехго а!

СТУПЕ́НЧАТЫЙ, -ая, -ое болъахараб, болъал ругеб; хIокIал ругеб, мегIелаби ругеб

СТУПЕ́НЬ *ж* 1) (*лестницы*) болъодул хIокI 2) *перен. (стадия*) даража; **подня́ть рабо́ту на но́вую** ~ хIалтIи цIияб даражаялде бахинабизе

СТУПЕ́НЬКА *ж уменьш.* болъодул хIокI

СТУПИ́ ТЬ *сов.* 1) хIетIе чIезе, гали тIамизе (*бахъизе*) 2) *разг.* тIад хIетIе чIезе ◊ **ша́гу ~ нельзя́** гали бахъизе бегьуларо, щибниги гьабизе бегьуларо

СТУПИ́ ЦА *ж* гьакил ражихо (*малърал къазаризе гIанлъалабиги ругеб, гьакихIосалъе каратIги бугеб гьакил бакъулъбакI*)

СТУПНЯ́ *ж* гьоркьахIетIе; хIетIе

СТУЧ//А́ТЬ *несов.* кIетIезе, кIутIизе (*гьаракь бахъинабизелъун*); **~а́ть в окно́** горда кIутIизе; **~а́ть молотко́м** квартIица кIутIизе ◊ **се́рдце гро́мко ~и́ т** кутакалда ракI кьабулеб буго

СТУЧ//А́ТЬСЯ *несов.* кIетIезе; **~а́ться в дверь**; а) (*обращаться с просьбой*) *лъидехунниги щибниги* гьарун кIалъазе б) *перен. (наступать, приближаться)* тIаде щвезе, тIаде гIунтIизе; **зима́ ~и́ тся в дверь** хасел (*кьин*) тIаде щолеб буго

СТУШЕВА́ТЬСЯ *сов. разг.* 1) вихьичIого, лъачIого цевеса тIагIине 2) *перен. (прийти в замешательство)* хIинкъун, нечон лъугьине

СТЫД *м* 1) нич; намуслъи; **к моему́ ~у́** дие ничалъе ◊ **сгоре́ть со ~а́** нечон хвезе 2) (*позор*) рогьоб, гIайиб; **~ и срам** рогьоги ничги

СТЫДИ́ТЬ *несов. кого-что (укорять)* нечезавизе, намуслъизавизе; гIайиб гьабун нечезавизе

СТЫДИ́ ТЬСЯ *несов. кого-чего и с неопр.* нечезе, намуслъизе; **~ люде́й** гIадамаздаса нечезе

СТЫДЛИ́ ВО *нареч.* нечон, намусго

СТЫДЛИ́ ВОСТЬ *ж* нечей, намуслъи

СТЫДЛИ́ ВЫЙ, -ая, -ое нечарав, нечолев, намусав

СТЫ́ ДНО *в знач. сказ. кому, безл. и с неопр.* нич буго; **мне ~ за вас** дуе гIоло дун нечезе кколев вуго; **как тебе́ не ~ ?!** нич гьечIищ дуда, нечоларищ мун? **мне ~ пе́ред людьми́** дун гIадамаздаса нечон вуго (*гIадамазда цебе дие нич буго)*

СТЫК *м* кIигоялъул бетIер цоцалъ жубараб бакI, кIиго жо цоцада бацIцIараб бакI, рацIцIи бугеб бакI; **~ двух брёвен** кIиго чIалу цоцада бацIцIараб бакI (*кIиго чIалул рацIцIи бугеб бакI*)

СТЫКОВА́ТЬ *несов. что* цоцада цолъизаризе, рацIцIине; *сундулниги* кIалал цоцадехун щула гьаризе

СТЫКОВА́ТЬСЯ *несов.* гъункун цолъизе, цоцалъе риччазе

СТЫКО́ВКА *ж* **1.** (*по гл.* **стыкова́ть**) цолъизари, цоцада рацIцIин **2**. (*по гл.* **стыкова́ться**) цоцалъе риччай; **~ косми́ ческих корабле́й** космосалъул гуми цолъи

СТЫ́НУТЬ, СТЫТЬ *несов.* цIорозе; **чай сты́нет** чай цIоролеб буго

СТЫ́ ЧКА *ж* 1) (*небольшой бой*) тунка-гIуси; къокъаб рагъ 2) (*ссора*) кьал, дагIба-рагIи

СТЮАРДЕ́ССА *ж* стюардесса (*гамида, самолеталда рекIаразе (пассажиразе) хъулухъ гьабулей гIадан)*

СТЯГ *м* байрахъ

СТЯ́ ГИВАТЬ *несов. см.* **стяну́ть**

СТЯ́ ГИВАТЬСЯ *несов. см.* **стяну́ться**

СТЯНУ́ТЬ *сов.* 1) *кого-что (туго перевязать)* дугъдазабун, щула гьабун бухьине 2) *что (плотно соединить*) щулаго бухьине, гъункун цолъизабизе 3) *кого-что* цо бакIалде цIазе, данде гьаризе; **~ войска́** аскарал цо бакIалде цIазе, данде гьаризе 4) *что* (*снять*) цIан тIаса бахъизе, цIан нахъе бахъизе; **~ оде́ял со спя́щего** кьижарав чиясдаса юргъан цIан бахъизе 5) *разг.* бикъизе

СТЯНУ́ТЬСЯ *сов.* 1) (*собраться в одно место*) цо бакIалде ракIаризе; данделъизе 2) рачел дугъдазабун къазе

СУББО́ТА *ж* шамат, шамат къо

СУББО́ТН//ИЙ, -яя, -ее шамат къоялъул; **~яя рабо́та** шамат къоялъ гьабулеб хIалтIи

СУББО́ТНИК *м* субботник (*жидеего бокьун, цадахъ лъугьун, чIобого жамагIаталъе пайдаялъе гьабулеб хIалтIи*)

СУББЕ́НЦИЯ *ж* (*пачалихъалъ бакIалъулал органазе, промышленносталъе, предприятиязе хасал финансовиял мурадазда биччалеб гIарац)*

СУБОРДИНА́ЦИЯ *ж* субординация (*хъулухъалда жаниб чIахIиязе гIисинал мутIигIлъиялъул кьвараб система*)

СУБСИДИ́ РОВАТЬ *сов. и несов. кого-что* гIарцудалъун яги къайиялдалъун кумек гьабизе, гIарац биччазе

СУБСИ́ДИЯ *ж* гIарцудалъун яги къайиялдалъун гьабулеб кумек; кумекалъе биччараб гIарац (*мискиназе, ресукъазе*)

СУБСТАНТИВА́ЦИЯ *ж лингв.* субстантивация (*цогидал каламалъул бутIаби предметияб цIаралде свери*); **~ прилага́тельных** прилагательноял предметияб цIаралде свери

СУБСТАНТИВИ́РОВАННЫЙ, -ая, -ое *лингв.* предметияб цIаралде сверараб

СУБСТАНТИВИ́ РОВАТЬСЯ *сов. и несов. лингв.* предметияб цIаралде сверизе

СУБТИ́ТР *м (кино)* субтитр (*кинокадралъул ахада хъвараб чияр мацIалдаса буссинабуралъул къокъаб хIасил*)

СУБТРО́ПИКИ *мн. геогр.* субтропикал (*ракьул шаралъул тропикалдаги рекъараб гьава-бакъалъул поясалдаги гьоркьор ругел бакIал (поясал); севералдасанги югалдасанги тропикалде гIагарал хинал ракьал*)

СУБТРОПИ́ ЧЕСКИЙ, -ая, -ое субтропикияб

СУБЪЕ́КТ *м* 1) *филос.* субъект 2) *разг. (о человеке*) гIадан,чи; **подозри́тельный ~** щакав чи 3) *грам.* субъект, подлежащее (*предложениялъул аслиял членазул цояб*)

СУБЪЕКТИВИ́ ЗМ *м филос.* субъективизм (*къватIисеб материалияб дуниял хIакъикъаталда гьечIеб жоян ва гIадамазул пикру-хиялазда гурони гьеб дуниял гьечIилан абулеб идеализма-лъулаб философияб нух*)

СУБЪЕКТИ́ ВНЫЙ, -ая, -ое 1) (*присущий только данному субъекту*) цо чиясе хасаб, гьесул пикрабазда, рекIел асаразда бухьараб

СУБЪЕ́КТНЫЙ, -ая, -ое *грам.* субъекталъулаб

СУВЕНИ́Р *м* ракIалде щвеялъе кьолеб сайигъат; кинаб букIаниги улкаялде, шагьаралде щвей ракIалда чIезе босулеб художествияб къайи, сувенир

СУВЕРЕНИТЕ́Т *м* суверенитет (*цо пачалихъ цогиялда жанисел ва къватIисел ишазулъ, гьоркьорлъабазулъ бараб гьечIолъи, эркенаб букIин, жибго жиндаго чIей*)

СУВЕРЕ́ННЫЙ, -ая, -ое суверенитет бугеб; **~ое госуда́рство** суверенитет бугеб, жибго жиндаго чIараб пачалихъ

СУГЛИ́НИСТ//ЫЙ, -ая, -ое хIатIккараб, хIатI цIикIкIараб; **~ая по́чва** хIатIккараб, хIатI цIикIкIараб ракь

СУГЛИ́ НОК *м* хIатIги салиги жубараб ракь

СУГРО́Б *м* гIанси

СУГУ́ БО *нареч.* хасго

СУГУ́Б//ЫЙ, -ая, -ое (*исключительный*) хасаб, хасго цебе ккураб; **обрати́ ть ~ое внима́ние** хасаб кIвар кьезе (*хасаб бербалагьи гьабизе*)

СУД *м* 1) (*государственный орган*) суд, диван; **наро́дный ~** халкъияб суд; **зда́ние ~а́** судалъул мина, диванрукъ 2) (*разбира́тельство дел*) суд гьаби; **отда́ть** *кого-л.* **под ~, преда́ть ~у, привле́чь к ~у́** судалде кьезе 3) (*общественный орган*); **това́рищеский ~** гъалмагълъиялъулаб суд (*гьалмагъзабаз гьабулеб суд*)

СУДА́К *м* судак (*чугIа*)

СУДЕ́БН//ЫЙ, -ая, -ое судалъул; суд гьабиялда хурхараб; **~ый приговóр** судалъул хIукму; **~ое заседáние** судалъул заседание

СУДИ́ МОСТЬ *ж юр.* судалде ккей; **снять ~** *с кого-л.* цебе гьабураб судалъул хIукмуялдаса эркен гьавизе, вацIцIадавлъун рикIкIине

СУДИ́ ТЬ *несов.* 1) *кого-что* суд гьабизе, диван къотIизе 2) *о ком-чем* пикру-хIисаб гьабизе, къимат кьезе; **су́дя по всему́** киналъулго хIисаб гьабидал (*хIисабги гьабун*) 3) *кого-что (укорять)* гIайиб чIвазе, гIайиб гьабизе; **не суди́те его́ стро́го** гьедигIан цIакъ гьесда гIайибал чIваге *(гьесде гIайибал гьаруге)* ◊ **нам не сужде́но бы́ ло встре́титься** нилъ данделъизе хъвай (хъван) букIун гьечIо

СУДИ́ТЬСЯ *несов.* 1) *с кем (обращаться в суд)* судалде (*диваналде*) вахъине 2) (*иметь судимость*) судалде ккун вукIине

СУ́ ДНО[1] *с* (*мн.* **суда́**) гама

СУ́ ДНО[2] *с* (*мн.* **су́дна**) унтаразе бусалъе кьолеб горшок

СУДОВЕ́РФЬ *ж* судоверфь (*гумул гьарулеб, гьел къачIалеб бакI*)

СУДОВЛАДЕ́ЛЕЦ *м* гамил бетIергьан

СУДОВОЖДЕ́НИЕ *с* гама бачин; гама бачине кколеб куц

СУДОВ//О́Й, -а́я, -о́е гамил; **~а́я кома́нда** гамил команда; **~а́я дисципли́ на** гамида букIунеб гIадлу-низам

СУДОМО́ЙКА *ж* цIарагI чурулей чIужу (*столоваялда*)

СУДОМО́ЙНЯ *ж* цIарагI чурулеб рукъ

СУДОПРОИЗВО́ДСТВО *с юр.* суд гьаби; судалъул органазул хIалтIи; законалда рекъон делабазул хал гьаби

СУДОРЕМО́НТН//ЫЙ, -ая, -ое гумул къачIалеб, ремонт гьабулеб; **~ая мастерска́я** гумул къачIалеб мастерская

СУ́ДОРОГА *ж* 1) ччорбал, щукIдул рукIкIин 2) *мед.* соб

СУ́ДОРОЖНЫЙ, -ая, -ое 1) щукIдул рукIкIиналъ лъугьинабураб 2) черхалъул ихтияр гьечIого ккараб 3) *перен.* рахIат хвараб, вихха-хочун гьабулеб

СУДОСТРОЕ́НИЕ *с* гумул (гуми) гьари

СУДОСТРОИ́ ТЕЛЬ *м* гумул (гуми) гьарулев чи

СУДОСТРОЙТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое гумул гьарулеб; гумул гьариялда бухьараб **~ая верфь** гумул гьарулеб верфь;

СУДОУСТРО́ЙСТВО *с* судалъул гIуцIиялъул система; суд гьабиялъул низам

СУДОХО́ДНОСТЬ *ж* гумул хьвадизе бегьи

СУДОХО́ДН//ЫЙ, -ая, -ое гумул хьвадизе бегьулеб; гумул хьвадулеб; **~ая река́** гумул хьвадулеб гIор

СУДОХО́ДСТВО *с* гумул хьвади

СУДЬБ//А́ *ж* 1) къисмат, къадар; **покори́ться ~е́** къисматалъе мутIигIлъизе 2) (*участь, доля, жизненный путь*) ахир, нахъарахъ, хъвараб (*жо*), насиб, гIумру; **забо́титься о ~е́ ма́льчика** васасул гIумруялъул (*къисматалъул*) тIалаб-агъаз гьабизе; **каки́ми ~а́ми?** кингIаги гьаниве ккарав? **бро́сить на произво́л ~ы́** тIалаб-агъаз гьабичIого, къисматалъул ургъел гьабичIого рехун тезе

СУДЬЯ́ *м в разн. знач.* 1) судияв, диванбег; **наро́дный ~** халкъияв судияв 2) судияв *(сундуениги къимат кьолев чи)*

СУЕВЕ́РИЕ *с* гIададасел, рукIине рес гьечIел жалазда божи

СУЕВЕ́РНЫЙ, -ая, -ое гIададасел, рукIине рес гьечIел жалазда божулев

СУЕТА́ *ж* 1) кинабго гIададасеб, чIобогояб, пайда гьечIеб жо 2) чIобогояб квалквади, чIвачIвади, магIна гьечIеб ортанхъи, гIададасеб орта-хъети

СУЕТИ́ТЬСЯ *несов.* гIадада квалквадизе; магIна гьечIого, гIадада ортанхъизе

СУЖА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **су́зить(ся)**

СУЖДЕ́НИЕ *с (мнение)* 1) пикру (*сундулниги-лъилниги хIакъалъулъ*) 2) *лог.* жинца щибниги тасдикъ гьабулеб яги нахъчIвалеб пикру

СУ́ ЖЕНАЯ *ж уст. (невеста)* абурай

СУЖЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **су́зить**) данде къазаби; данде къазабун, къварилъизаби, данде къазабун, гьитIинлъизаби **2**. (*по гл.* **су́зиться**) дандекъай; чIедерлъи; къварилъи; **~ пищево́да** рискIи къварилъи **3.** (*узкое место*) къварилъи

СУ́ ЖЕНЫЙ *м уст. (жених)* абурав

СУ́ ЖИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **су́зить(ся)**

СУ́ ЖУ, су́зишь *и т.д. буд. от* **су́зить**

СУЖУ́ (СЬ), су́дишь(ся) *и т.д. наст. от* **суди́ ть(ся)**

СУ́ ЗИТЬ *сов. что (сделать у́же*) къварид гьабизе, къварилъизабизе; чIедерлъизабизе; **~ глаза́** берал къварилъизаризе

СУ́ЗИТЬСЯ *сов.* 1) къварилъизе, данде къазе 2) *перен. (сократиться)* къокълъизе; данде ине

СУК *м* 1) (*боковой отросток*) гIаркьел 2) (*в доске*) ноцI

СУ́ КА *ж* гважи

СУКНО́ *с* исхъали, сукно ◊ **положи́ ть** *что-л.* **под ~** тIубазабичIого тезе, агъаз гьабичIого тезе

СУКО́НН//ЫЙ, -ая, -ое 1) исхъалидул, сукнодул; **~ые брю́ -ки** исхъалидул тIажу 2) исхъали, сукно гьабулеб; **~ая фа́брика** исхъали гьабулеб фабрика ◊ **~ый язы́ к** хъачIаб мацI

СУЛИ́ ТЬ *несов. кого-что кому разг. щибниги* гьабилин, кьелин, телин абун рагIи кьезе; хьул лъезабизе; **э́ то не сули́ т ничего́ хоро́шего** гьелъ лъикIалде рачине гьечIо; хьул лъезе жого гьечIо ◊ **~ золоты́е го́ры** багIарханазул лъор цIезабизе, меседил мугIрузде хьул лъезабизе

СУЛТА́Н[1] *м (титул)* хункар, султIан (*цо-цо бусурман улкабазул пача*)

СУЛТА́Н[2] *м (украшение)* аскариял ва цогидалги гIадамазул тIагъразда, чуязул бутIрузда хIулаби яги чол рас рекъезабун къачIараб эхетараб тIеметIи гIадаб жо, султ

СУЛЬФА́Т *м хим.* сульфат

СУМА́ *ж* таргьа, къвачIа ◊ **ходи́ ть с сумо́й** гьардухъ лъугьине

СУМАСБРО́Д *м* ракIалде ккара-ккараб гьабулев чи, ахIмакъ

СУМАСБРО́ДКА *ж* ракIалде ккара-ккараб гьабулей гIадан, ахIмакъ

СУМАСБРО́ДНИЧАТЬ *несов.* гIадалал жал гьаризе; ахIмакълъизе; ракIалде ккара-ккарал гIадалал жал гьаризе

СУМАСБРО́ДНЫЙ, -ая, -ое гIадалаб, ахIмакъаб

СУМАСБРО́ДСТВО *с* гIадаллъи, ахIмакълъи

СУМАСШЕ́ДШ//ИЙ, -ая, -ее 1) гIадаллъарав, гIадалав 2) гIабдалзабазул; **~ий дом** гIабдалзабазул рукъ 3) *перен.* базе бакI тIагIараб, гьабизе жо тIагIараб; **~ие де́ньги** гьабизе жо тIагIараб, кин хвезабилебали лъаларе гIарац, гIадалаб гIарац

СУМАСШЕ́СТВИЕ *с* гIадаллъи

СУМАТО́ХА *ж* гъалмагъираб квалквади, низам биххун иш гьаби; рихха-хочи

СУМБУ́РНЫЙ, -ая, -ое низам биххараб, баянлъи гьечIеб, гIалагъважаяб

СУ́МЕРЕЧНЫЙ, -ая, -ое бецIаб, бецIаб мехалъулаб, бецIаб мехалда букIунеб; **~ день** бецIаб къо

СУ́МЕРКИ *мн.* рукIкIараб ригь, маркIачIул гIуж; маркIачIумех; бецIлъи; **наступи́ ли ~** маркIачIумех щвана

СУМЕ́//ТЬ *сов. с неопр.* бажаризе, кIвезе; **он ~л убеди́ ть меня́** дун божизавизе (дир ракI чIезабизе) кIвана досда; **~ть найти́** батизе кIвезе; **он ~ет э́ то сде́лать** досда гьеб гьабизе кIвела

СУ́ МКА *ж* таргьа, къвачIа, сумка

СУ́ ММА *ж* 1) *мат. (число)* гIаммаб къадар; сумма (*кIиго яги цIикIкIун рикIкIен жубан ккараб хIасил*) 2) (*количество денег*) гIарцул къадар; **значи́тельная ~** гIураб къадар, гIураб гIарац, гIемераб гIарац; **небольша́я ~** цодагъаб гIарац

СУММА́РНЫЙ, -ая, -ое 1) жамгI гьабураб 2) гIаммаб кулалъулаб; хIасил гьабураб

СУММИ́ РОВАТЬ *сов. и несов. что* 1) жамгI гьабизе 2) хIасил гьабун, цойиде босизе

СУ́ МРАК *м* рукIкIин, бецIлъи, маркIачIумех

СУ́ МРАЧН//ЫЙ, -ая, -ое 1) бецIаб, рукIкIараб; **~ый лес** бецIаб рохь 2) *перен. (угрюмый)* пашманаб, лазат гьечIеб, къваридаб

СУ́МЧАТЫЙ, *зоол.* чахьалда къвачIа бугеб (*тIанчIи лъезе*)*;* **~ волк** (чахьалда) къвачIа бугеб бацI

СУНДУ́ К *м* гъамас, гьаржа

СУ́ННА *ж* суннат (*МухIаммад авараг (А. сс. с. гь. лъ.) Аллагьасда нахъвилъулъун абурабги, гьабурабги, тIад рекъарабги; Аварагасда нахъвилъулъун гьабурасе ва гьес нахъчIвараб гьабичIого тарасе Аллагьасул кири бугеб пиша; Къуръаналдаса хадуб шаргIияб хIукму жиндасан бахъизе хIужжа, далил)*

СУННИ́ЗМ *м* суннизм (*шигIиязул рикьиялда данде ккун суннаялъул агьлуялъул бичIчIи; Аварагасда нахърилъинаялъул гIелму*)

СУННИ́Т *м* суннияв (*Аварагасда нахъвилъунев, сунна тIубалев, суннизмалъул бичIчIиялда хьвадулев чи*)

СУННИ´ ТСКИЙ, -ая, -ое суннитазул(аб)

СУ´ НУТЬ *сов. кого-что* бегьизе; бугIизе; къазабизе; **~ ру́ку в карма́н** квер кисинибе бегьизе

СУ´ НУТЬСЯ *сов. (цеве)* кIанцIизе, гьоркьове жувазе, гьорлъе лъугьине, (*цеве)* лъугьине (*цогидаздаса*) ◊ **куда́ ни су́нься** киве кIанцIаниги, киве лъугьаниги (ворчIиларо)

СУП *м* чурпа

СУ́ПЕРФОСФАТ *м* суперфосфат (*хурибе балеб химикияб беэнлъиялъул цо тайпа*)

СУПОВ//О́Й, -а́я, -о́е чурпадул, чурпаялъе бугеб; **~а́я ми´ска** чурпа тIолеб суркIа; **~а́я ло́жка** чурпадул гьуд

СУПО́НЬ *ж* хомуталъул чIоло

СУПРУ´ Г *м* рос

СУПРУ´ ГА *ж* лъади, чIужу

СУПРУ´ ГИ *мн.* рос-лъади

СУПРУ́ЖЕСК//ИЙ, -ая, -ое рос-лъадилъиялъул, рос-лъадиялъул; **~не отноше́ния** рос-лъадилъиялъул(ал) гьоркьорлъаби

СУПРУ´ ЖЕСТВО *с* рос-лъадилъи

СУРГУ´ Ч *м* сургуч, мина

СУРГУ́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое сургучалъул, минадул; **~ая печа́ть** сургучалъул мугьру (*сургучалда чIвараб мугьру*)

СУРО́ВОСТЬ *ж* кьвари, къвакIи

СУРО́В//ЫЙ, -ая, -ое 1) кьварарав; **~ый взгляд** кьварараб балагьи 2) (*полный трудностей, испытаний*) захIматаб, бакIаб; **~ые го́ды** захIматал сонал 3) (*трудный для жизни*) квачараб; лазат бахъараб; гIумру гьабизе захIматаб; **~ая зима́** квачараб кьин (хасел)

СУРО́К *м зоол* сурок (гIанхвародул цо тайпа)

СУРРОГА́Т *м* суррогат (*релъгьенлъи букIиналъ сундулниги бакIалда хIалтIизабулеб жо; масала, чакаралъул бакIалда-сахарин, гIакдал нахул бакIалда – маргарин*)

СУРЬМА́ *ж* сурьма (*кьунсрул, михъал чIегIер гьарулеб релъен*)

СУ´ СЛИК *м зоол.* гIанхваро (*авлахъалда букIунеб*)

СУ´ СЛО *с* сусло (*пиво, квас гьабизе халтIизабулеб)*

СУСТА́В *м* рищи́ (*рукьбузул*) (*чорхол рукьби цоцада щула гьарулел рищалаби*)

СУСТА́ВНЫЙ, -ая, -ое рищалабазул; **~ ревмати́ зм** рищалабазул гьуразул унти

СУ´ ТКИ *мн.* мехел, сордо-къо

СУ´ ТОЛОКА *ж* низам биххараб хьвада-чIвади, низам биххи

СУ´ ТОЧН//ЫЙ, -ая, -ое **1.** механлил, сордо-къоялъул **2**. *в знач. сущ.* **~ые** *мн.* суточные (*командировкаялде араларухъ щибаб мехалие хIисаб гьабун кьолеб гIарац*)

СУТУ́ЛИТЬ *несов. что* къулизабизе, мугъ цIутIизабизе, гьод къулизабизе

СУТУ´ ЛИТЬСЯ *несов.* къулизе, мугъ цIутIизе, гьод къулизе

СУТУ´ ЛЫЙ, -ая, -ое дагьавго къуларав, мугъ цIутIарав, гьод къуларав

СУТ//Ь *ж* хIакъикъат; аслияб магIна; аслу-кьучIлъун бугеб жо; кIвар буголъи; **~ де́ла** ишалъул кьучI, аслу ◊ **по ~и де́ла** хIакъикъаталда

СУТЯ´ ГА *м, ж разг.* кидаго диван-судазда вукIунев чи

СУФЛЁР *м* суфлёр (*артистаз роль хIалаго, гьез абизе кколел рагIаби бигьа гьабун гьезие рищунев чи*)

СУФЛИ´ РОВАТЬ *несов. кому* суфлёрлъи гьабизе

СУ´ ФФИКС *м грам.* суффикс

СУФФИКСА́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое *грам.* суффиксалъулаб, суффиксал хIалтIизарулеб, суффикс тIаде жубан лъугьунеб; **~ спо́соб образова́ния но́вых слов** суффиксал тIаде журан цIиял рагIаби лъугьунеб къагIида

СУФФИКСА́ЦИЯ *ж грам.* суффиксалъул кумекалдалъун цIияб рагIи лъугьин

СУХА́РЬ *м* 1) сухари 2) *перен.* вакъва-гадарав чи

СУ́ХО *нареч.* 1) бакъван, бакъва-гадан, бакъвадго; 2) *перен. (сдержанно, холодно)* ракI гьечIого; тIаса-масаго; **он при´ нял нас сли´ шком ~** гьес ниж, цIакъ гъира гьечIого, къабул гьаруна

СУХОВЕ́Й *м* бухIараб ракъдал гьури

СУХОЖИ´ ЛИЕ *с анат.* рихь, щекI

СУХОЖИ´ ЛЬНЫЙ, -ая, -ое щукIдузул(аб)

СУХ//О́Й, -ая, -ое 1) (*засохший*) бакъвараб; **~ая тря´пка** бакъвараб чIорто; **~о́й хлеб** бакъвараб чед 2) (*пересохший*) бакъва-гадараб; **~ая ре́чка** бакъвараб (лъим гьечIеб) лъар 3) (*лишенный влажности*) бакъвараб; **~ие дрова́** бакъвараб цIул 4) (*сушеный*) бакъвараб; **~ая курага́** бакъвараб курак 5) (*сухощавый*) вакъварав, хIалакъав 6) (*неинтересный*) интерес гьечIеб, пасихIлъи гьечеб; **~ой расска́з** пасихIлъи гьечIеб хабар

СУХОЛЮБИ́ВЫЙ, -ая, -ое ракъдаллъи бокьулеб, ракъдаллъи хIехьолеб

СУХОМЯ´ ТК//А *ж разг.* бакъвараб квен; **есть в ~у** бакъвараб квен кваназе

СУХОПА́РЫЙ, -ая, -ое *разг.* хIалакъав, вакъварав

СУХОПУ́ТН//ЫЙ, -ая, -ое ракъдада хIалтIулеб, букIунеб; **~ые войска́** ракьалда букIунеб аскар, лъелаб, ракъдалаб нухдасан хьвадулеб аскар

СУХОРУ´ КИЙ, -ая, -ое квер бакъварав, квер хIалтIуларев

СУ´ ХОСТЬ *ж* бакъвай, бакъва-гадай

СУХОФРУ´ КТЫ *мн.* бакъвараб пихъ

СУХОЩА́ВЫЙ, -ая, -ое хIалакъав, вакъварав, вакъва-гадарав

СУЧИ́ТЬ *несов.* 1) *что (нитку)* кIиркъизе (*кун*) 2) кIкIвазе, тIерен гьабизе (*хамур*) 3) *перен.* кIвекIизе 4) хьвагIезаризе (*церенахъе боздул*)

СУЧКОВА́ТЫЙ, -ая, -ое гIаркьахараб; кIичI-кIичIараб; ноцIахараб, ноцIал ругеб; гарцIахараб, гохIахараб, цIинкрахараб

СУЧ//О́К *м* гьитIинаб гIаркьел ◊ **без ~ка́, без задо́ринки** квал-квал гьечIого, бигьаго

СУ´ Ш//А *ж* 1) ракъдадабакI 2) ракъдаллъи (*ралъад гуреб*); **на ~е и на мо́ре** ракъдадаги ралъдадаги

СУ´ ШЕ *сравн. ст. к* **сухо́й** *и* **су́хо**

СУШЁН//ЫЙ, -ая, -ое бакъвараб; **~ые я´блоки** бакъвараб гIеч

СУШ//И́ТЬ *несов.* 1) *что* бакъвазабизе; **~ть бельё** гьоркьан ретIел бакъвазабизе; **~ть фру́кты** пихъ бакъвазабизе 2) *кого (довести до худобы*) вакъвазавизе; **го́ре её ~т** ургъелалъ якъвазаюлей йиго дой

СУШИ´ ТЬСЯ *несов.* 1) жиндаго тIад биччараб ретIел бакъвазабизе 2) бакъвазе

СУ́ШКА *ж* **1.** (*по гл.* **суши´ ть**) бакъвазаби, бакъвай **2**. сушка (*гIисинал тIеренал горал*), гигучIал

СУЩЕ́СТВЕННЫЙ, -ая, -ое 1) цIакъ кIвар бугеб, бищун кIвар бугеб 2) хIакъикъияб

СУЩЕСТВИ´ ТЕЛЬНОЕ *с*: **и´ мя ~** *грам.* предметияб цIар

СУЩЕСТВ//О́[1] *с* аслу, аслияб кIвар; **~о́ вопро́са** суалалъул аслияб кIвар ◊ **говори´ ть по ~у´** аслияб жо абизе, бицине

СУЩЕСТВО́[2] *с* чIагояб жо (*щиб бугониги*); рухI бугеб жо; **живо́е ~** рухI бугеб жо, рухIчIаголъи; нусабго лага, рухI-жан

СУЩЕСТВОВА́НИ//Е *с* 1) (*жизнь*) бетIербахъи; **сре́дства к ~ю** бетIербахъи гьабизе хIажалъулел жал; 2) (*наличие кого-чего-л.*) букIин, буголъи; **о ~и э´ той кни´ ги он не знал** гьаб тIехь букIин досда лъалеб букIинчIо ◊ **прекрати´ ть ~е** хвезе, ахир лъезе (*гIумруялъе, ишалъе*)

СУЩЕСТВОВА́ТЬ *несов.* 1) (*жить*) гIумру гьабизе, чIаго вукIине; бетIербахъи гьабизе 2) (*иметься, быть*) букIине

СУ´ Щ//ИЙ, -ая, -ее: **~ая пра́вда** унго-унгояб хIакъикъат

СУ́ЩНОСТ//Ь *ж* аслияб кIвар буголъи, аслияб магIна ◊ **в ~и** хIакъикъаталда

СУЮ´ (СЬ), суёшь(ся) *и т.д. наст. от* **сова́ть(ся)**

СУЯ´ ГНАЯ *ж*: **~ овца́** кьинаб чахъу

СФЕ́Р//А *ж* **1.** шар, *гьелъул* тIасияб рахъ **2**. (*предел распространения чего-л.*) *щибниги* тIибитIизе, хIалтIизе бегьулеб гIурхъи; **во всех ~ах наро́дного хозя´йства** халкъияб магIишаталъулги киналго рахъазда **3**. (*среда*) сверухълъи (*тIабигIата-лъулги социалиялги шартIал ругеб гIумру гьабизе бегьу-*

леб бакI)**; ~а влия́ ния** жинда кверщел, жиндие асар гьабизе бегьулеб бакI

СФЕРИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое (*шарообразный, круглый*) шар гIадаб, гургинаб

СФИНКС *м* сфинкс (1 *некIсияб Египеталда – ганчIил гьабураб гIадамасул бетIерги бугеб бегараб гьалбацIалъул сурат*; 2 *некIсиял греказул – чIужугIаданалъул гIадаб керенги бетIерги бугеб гьалбацIил яги гьойдул черх бугеб рухIчIаголъи*)

СФОРМИРОВА́ТЬ *сов. что (организовать)* гIуцIизе

СФОРМИРОВА́ТЬСЯ *сов.* 1) лъугьине, формаялде ккезе, форма лъугьине 2) камиллъизе, гIезе (*черх*)

СФОРМУЛИ́ РОВАТЬ *сов. что* хIасил гьабун, камилго, битIун бицине, хъвазе; **~ мы́сли** пикраби ритIун загьир гьаризе, пикрабазул хIасил гьабизе

СФОТОГРАФИ́ РОВАТЬ *сов. что* сурат бахъизе (*фотоаппараталъ*)

СФОТОГРАФИ́ РОВАТЬСЯ *сов.* (*жиндирго*) сурат бахъизе

СХВАТИ́ТЬ *сов.* 1) *кого-что* хантIан босизе; **~ ружьё** хантIан туманкI кодобе босизе 2) *кого* (*силой задержать*) къан ккезе; **~ во́ра** цIогьор ккезе 3) *что разг.* щвезе; **~ на́сморк** магIарччин щвезе 4) *что перен. разг. (понять, усвоить)* бичIчIизе

СХВАТИ́ ТЬСЯ *сов.* 1) *за кого-что* къан ккун чIезе, хурхине, *сунданиги* хурхун чIезе; сунданиги вазе; **~ за ружьё** тункIида хурхине 2) *с кем (вступить в борьбу*) цоцалъ разе; цоцалъ рагьизе лъугьине 3) (*спохватиться*) рекIеда ватизе, ракIалде бачIине, гьалатI бичIчIизе

СХВА́ТК//А *ж* 1) яргъилаб тунка-гIуси, рагъ 2) къеркьей, кьабгIей; гугари 3) *мн.*: **~и** (*боли*) хIара чIвай; **родовы́ е ~и** лъимадуе (лъимер гьабизе) хIара чIвай

СХВА́ТЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **схвати́ ть(ся)**

СХЕ́МА *ж* схема, план (1 *чертеж, щибниги жоялъул план; 2 щибниги жоялъул хIакъалъулъ хъварал аслиял пикраби, план*)

СХЕМАТИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое 1) схемалъун бугеб, схемая-лъулаб, схемаялъул формаялда гIуцIараб 2) (*представленный в общих чертах*) гIаммаб куцалъ (*гIаммго*) цебе лъураб

СХЕМАТИ́ ЧНЫЙ, -ая, -ое *см.* **схемати́ ческий**

СХИТРИ́ ТЬ *сов.* сихIирлъи гьабизе, сихIирлъиялде вортизе

СХОД *м см.* **сходка**

СХОДИ́ТЬ[1] *сов.* 1) *кивениги* щун вачIине; **~ за водо́й** лъел цIун вачIине 2) тIагIараталъе ине

СХОД//И́ ТЬ[2] *несов. см.* **сойти́ ; не ~я́ с ме́ста** чIараб бакIалдаса вагъаричIого, цо бакIалдаса кьуричIого; **не ~ить с языка́** кидаго ракIалдаса унгутIизе, мацIалда букIине, кIалъаралъаялда ракIалде щвезе

СХОДИ́ ТЬСЯ *несов.* 1) *см.* **сойти́ сь** 2) (*быть одинаковыми, похожими*) цогояллъун, релълъараллъун рукIине; **мы схо́димся во взгля́ дах** нижер пикраби данде ккола

СХО́ДКА *ж уст. (цебесеб Россиялда*) росдал жамагIаталъул данделъи; **студе́нческая ~** студентазул данделъи (*собрание*)

СХО́ДН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*похожий*) релълъараб; **~ая черта́** релълъараб гIамал 2) *разг. (подходящий*) данде кколеб, рекъараб; **~ая цена́** рекъараб багьа

СХО́ДСТВО *с* релълъен, релълъен-хъвай, цоцада релълъин; **~ во взгля́ дах** пикрабазул релълъин

СХО́ЖИЙ, -ая,-ое *разг. см.* **схо́дный**

СХОЛА́СТИКА *ж* схоластика 1) гьоркьохъел кьарнабазул заманалда идеализмияб, диниябе философия 2) яшавалдаса тIураб, формалияб, хIалбихьиялъул кьучI гьечIеб лъай; магIна гьечIеб куцалда пикру свер-сведизаби; цIалунчилъи; магIнаго гьечIеб жоялда викIарулев вукIин

СХОРОНИ́ ТЬ *сов. кого* 1) вукъизе 2) бахчизе, бахчун тезе

СЦЕ́Н//А *ж* 1) (*театральные подмостки*) сцена 2) (*часть пьесы, действия*) сцена, бутIа 3) *перен.* (*ссора*) дагIба-къец, кIудияб гара-чIвари ◊ **сойти́ со ~ы** театралдаса нахъе ине, артистлъи тезе

СЦЕНА́РИЙ *м* сценарий (1 *сценаялде рахъине кколеб низамги заманги бихьизабун, пьесаялъул гIахъалчагIазе хъвараб сияхI;* 2 *театралияб пьесаялъул план;* 3 *жинда рекъон кино бахъулеб литературиябгун драмаялъулаб асар*)

СЦЕНАРИ́СТ *м* сценарист (*кинофильмалъул сценариялъул автор*)

СЦЕНИ́ ЧЕСКИЙ, -ая, -ое сценаялъулаб

СЦЕНИ́ ЧНЫЙ, -ая, -ое сценаялда лъезе бегьулеб, рекъараб

СЦЕПИ́ ТЬ *сов. что* цоялда нахъа цогияб базе, рекIинабизе; щула гьабизе; **~ вагóны** вагонал цоцада нахъа разе, цоцада рекIинаризе

СЦЕПИ́ТЬСЯ *сов.* 1) цоцалъ хурхине, цоцада рекIине 2) *разг.* цоцалъ хурхун рагьизе 3) *перен.* цоцалъ разе, дагIбадизе, къацандизе

СЦЕПЛЕ́НИЕ *с* 1) цоцада хаду-цебе, рахас гьабун бай; рахас гьабун бачIин, рахас гьабун букIин 2) *щибниги* цоцалъ хурхинабизе бугеб механизм (*машинаялъул сцепление*)

СЦЕПЛЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **сцепи́ ть(ся)**

СЦЕ́ПЩИК *м ж.-д.* сцепщик (*маххул нухда вагонал цоцада хурхинарулев чи)*

СЧАСТЛИ́ ВЕЦ *м* талихI бугев чи, икъбал бугев чи

СЧАСТЛИ́В//ЫЙ, -ая, -ое талихIав, талихI бугев; **~ое де́тство** талихIаб лъимерлъи; **~ый слу́чай** талихIаб лъугьа-бахъин (*битIкккей*) ◊ **~ого пути́ !** нух битIаги, сагIат лъикIаб батаги; **~о отде́латься** талихIалъ ворчIизе, талихI ккун ворчIизе

СЧА́СТЬЕ *с* талихI

СЧЕСТЬ *сов.* 1) *кого-что (сосчитать)* рикIкIине, борцине 2) *кого-что кем-чем, за кого-что, с союзом* **«что»** хIисаб гьабизе, рикIкIине; **я сочту́ э́то свои́м до́лгом** дица гьеб дирго тIадаб налъилъун рикIкIуна ◊ **его́ дни сочтены́** досул къоял лъугIулел руго, хвезе мех гIагарлъун буго

СЧЕТ *м* 1) хIисаб, рикIкIен 2) (*документ*) счет; **подписа́ть** ~ счеталда гъолбас гьабизе; **закры́ть** ~ счет къазе ◊ **без ~у** рикIкIенго гьечIого, хIисаб-суалго гьабичIого, цIакъго гIемер; **в коне́чном ~е** ахирги, ахир-къадги, киналъулго хIасилалда; палхIасил; **э́ то не в ~е** гьеб рикIкIунаро, хIисабалде босуларо; **в два ~а** цIакъ хехго, цохIо лахIзаталда, лъалхъичIого; **на хоро́шем ~у** лъикIаб пикру буго (*дур хIакъалъулъ*)

СЧЁТН//ЫЙ, -ая, -ое 1) хIисаб гьабиялъул; **~ая маши́на** хIисаб гьабулеб машина 2) хIисабазул, счетазул; **~ая кни́га** хIисаб-суалазул даптар; **~ый рабо́тник** хIисаб-суалалъул хIал-тIухъан

СЧЕТОВО́Д *м* счетовод (*хIисаб-суал гьабулев хIалтIухъан*)

СЧЁТЧИК *м* 1) (*лицо*) счётчик, хIисабчи (*рикIкIунев чи*) 2) (*прибор*) счётчик (*щибниги рикIкIунеб аппарат*); **электри́ ческий ~** электрикалъул (*токалъул*) счётчик

СЧЁТ//Ы *мн.* счётал; **счита́ть на ~ах** счетал реххизе, счетазда рикIкIине

СЧИ́ СТИТЬ *сов. что* бацIцIун тIаса нахъе гьабизе; **~ сне́г с доро́ги** нухдаса гIазу нахъе гьабизе

СЧИТА́//ТЬ *несов.* хIисаб босизе, хIисаб гьабизе, рикIкIине; **я ~ю свои́ м до́лгом** дирго налъилъун рикIкIуна дица; **~ть до ста** нусиде щвезегIан рикIкIине; **~ть де́ньги** гIарац рикIкIине; **не ~я э́то** гьеб рикIкIинчIого; **~ть вопро́с исче́рпанным** суал лъугIараблъун (*къараблъун*) рикIкIине; **~ть себя́ пра́вым** живго витIаравлъун рикIкIине

СЧИТА́//ТЬСЯ *несов.* 1) *с кем-чем* сан гьабизе; **ни с чем не ~ться** сундулниги (*сундулго*) сан гьабичIого тезе 2) *кем-чем (слыть)* рикIкIине; **он ~ется лу́чшим пловцо́м** гьев бищун лъикIав лъедо-хъанлъун рикIкIуна 3) (*приниматься в расчет*) рикIкIине; хIисабалде босизе; **э́то не ~ется** гьеб рикIкIунаро, хIисабалде босуларо

СЧИЩА́ТЬ *несов. см.* **счи́ стить**

СШИБА́ТЬ *несов. см.* **сшиби́ ть**

СШИБИ́ТЬ *сов. кого-что разг.* тункун гIодов ккезавизе; тункун гъоркье рехизе; *~ кого-л.* **с ног** тункун *щивниги* гIодов ккезавизе

СШИВА́ТЬ *несов. см.* **сшить**[2]

СШИТЬ *сов. что* 1) букъизе (*жинцаго*), костюм букъизе, букъизе кьезе 2) (*вместе*) цоцада бацIцIине, цоцада щула гьабизе; **~ два куска́ мате́рии** ххамил кIиго кесек цоцада букъизе

СЪЕДА́ТЬ *несов. см.* **съесть**

СЪЕДО́БН//ЫЙ, -ая, -ое квине бегьулеб, кваназе бегьулеб; **~ые грибы́** кваназе бегьулел гIурдахIанал

СЪЁЖИВАТЬСЯ *несов. см.* **съёжиться**

СЪЁЖИТЬСЯ *сов. (скорчиться, стать сморщенным)* данде букIкIине; букIкI-букIкIине; гIомо-горо лъугьине

СЪЕЗД *м* 1) съезд, ракIари 2) (*прибытие*) рахъ-рахъалдасан рачIун, тIаде щвей; **~ гостéй** гьалбал рачIин, цо бакIалде ракIари 3) (*спуск*) гьоркье лъугьунеб бакI

СЪЕ́ЗДИТЬ *сов.* 1) ун (*щун*) вачIине (*сунданиги рекIун*); **~в го́род на маши́ не** машинаялда шагьаралде щун вачIине 2) *перен.* кьабизе, бахинабизе; **солда́тик съе́здил меня́ по башке́** солдатас дир ботIролъ цо жо бахинабуна (*кьабуна*)

СЪЕЗЖА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **съе́хать(ся)**

СЪЁМКА *ж* 1) сурат бахъи (*фото*) 2) бахъи; боси; нахъе боси

СЪЁМНЫЙ, -ая, -ое нахъе бахъулеб, тIаса бахъулеб; **~ проте́з** лъолеб-бахъулеб протез (*цаби, цIулал бох*)

СЪЁМЩИК *м* 1) (*наниматель*) ижараялъе, мухьдахъ рукъбакI ккурав чи 2) сурат бахъулев чи 3) *щибниги* бетIулев, бахъулев хIалтIухъан (*гьотIодаса, корониса*); **~ плодо́в** пихъ бетIулев чи; **~ шку́рок** цIоко бахъулев чи (*ччукIарухъан*)

СЪЕСТН//О́Й, -а́я, -о́е **1.** кваназе бегьулеб жо; **~ы́ е припа́сы** кванил нахърателал **2**. *в знач. сущ.* **~о́е** *с* квен, кваназе жо

СЪЕСТЬ *сов. что* квине, кваназе; **~ весь хлеб** кинабго чед кваназе ◊ **он на э́ том соба́ку съел** гьесул гьеб ишалъулъ кIудияб хIалбихьи буго (*гьеб иш цIакъ лъикI лъала*)

СЪЕ́ХА//ТЬ *сов.* 1) (*сверху*) гъоркье, гIодове ине, рештIине (*сунданиги рекIун*) 2) нахъе ине, гочун ине (*батIияб бакIалде ине*); **они́ ~ли отсю́ да** дол гьаниса гочун ана 3) *перен. (в сторону)* рукIалидаса багъаризе (*нахъе, цебе, хьибилалдехун*); хъущтIун ине; **очки́ его́ ~ли на коне́ц но́са** гьесул цIороберал магIарзукъалазул тIогьире хъущтIун ана

СЪЕ́ХАТЬСЯ *сов.* 1) данделъизе (*сунданиги рекIун*, *цо бакIалде рачIун*); **~ на съезд** съездалде данделъизе

СЫ́ ВОРОТКА *ж* 1) (*молочная*) риди 2) *мед.* сыворотка (*биялдасан, лимфаялдасан бахъулеб дару*)

СЫ́ГРАННЫЙ, -ая, -ое бакъан рекъараб, данде ккараб, рекъон хIалеб

СЫГРА́ТЬ *сов.* 1) *что, во что* хIазе; **~ роль** роль хIазе; **~ в волейбо́л** волейбол хIазе 2) *что, на чём* хъвазе, бачине; **~ на скри́пке** чагъанаялда (*бакъан*) бачине ◊ **~ сва́дьбу** бертин гьабизе; **~ шу́тку** *с кем-л.* махсара гьабизе

СЫ́ ЗМАЛА *нареч. разг.* гьитIинаб къоялдаса нахъе

СЫ́ ЗНОВА *нареч. разг.* цIидасан

СЫН *м* (*мн.* **сыновья́ , сыны́**) вас; **мой** ~ дир вас; **ста́рший** ~ кIудияв вас; **~ своего́ наро́да** жиндирго халкъалъул вас

СЫНО́ВНИЙ, -яя, -ее васасул; васасулаб; **~ долг** васасул тIадаб налъи, борч

СЫ́ ПАТЬ *несов. что* 1) базе; **~ пшени́ цу** ролъ базе 2) щвазе; **~ са́харный песо́к** песок-чакар щвазе; **~ муку́** ханжу щвазе 3) *перен.* тIатIала базабизе ◊ **~ оби́дными слова́ми** ракIалда захIмалъулел гIемерал ругIаби абизе

СЫ́ ПА//ТЬСЯ *несов.* 1) гъенезе, гъине; щвазе, щенезе; **мука́ ~лась из мешка́** къандалъоялъуса ролъ гIодобе гъана 2) *разг.* гъенезе; **сы́ плются прокля́ тия** нагIанаби гъенолел руго

СЫПНО́Й: ~ тиф (*тIаде жо бахъулеб*) нацIидасан бахунеб цIа-каналъул унти

СЫПУ́Ч//ИЙ, -ая, -ее балеб, базе (щвазе) бегьулеб (*масала, ролъ, пурчIина, сали ва ц.*); **~ие тела́** щвазе, гьине бегьулел жал

СЫПЬ *ж* сус (*унтараб мехалъ черхалде балеб жо*)

СЫР *м* хIан ◊ **он как ~ в ма́сле ката́ется** гьев кIудияб ресалда (*бечедго*) вуго

СЫРЕ́ТЬ *несов.* регьел босизе, рагьазе

СЫ́ РНИК *м* нисдал, хIанил квен (*нисдал режарал хинкIал*)

СЫ́ РНЫЙ, -ая, -ое хIанил

СЫРОВА́Р *м* хIан гьабулев чи

СЫРОВА́РЕННЫЙ, -ая, -ое хIан гьабулеб; **~ заво́д** хIан гьабулеб завод, хIанил завод

СЫРОВА́РНЯ *ж* хIан бахъулеб бакI, хIан, нису гьабулеб бакI

СЫР//О́Й, -а́я, -о́е 1) (*влажный*) регьел бугеб, рагьа́раб; регьел хIалаб; **~о́й кли́ мат** регьел хIалаб гьава-бакъ 2) (*недоваренный*) гIатIгояб; бежуд, белъуд хьечIеб; **~о́е мя́ со** белъинчIеб гьан 3) (*недоработанный*) тIубан щвалде щвечIеб; **~о́й расска́з** щвалде щвечIеб (гIемер тIад хIалтIичIеб) хабар

СЫРО́К *м* 1) биараб хIанил, кагътилъ жемун, бичизе хIадур гьабураб кесек 2) чакар, кишмиш жубан къачIараб нисул кесек

СЫ́ РОСТЬ *ж* регьел

СЫРЬЁ *с* сырье (*фабрик-заводалда жиндасан къайи гьабулеб гIатIгояб материал*), гьарси

СЫРЬЕВ//О́Й, -а́я, -о́е сырьёлъун бугеб, хIалтIичIеб малъун бугеб; **~а́я ба́за** сырьёялъул (*гъарсидул*) база

СЫСКА́ТЬ *сов. кого-что* цIехон балагьизе. цIехон батизе

СЫ́ ТНО *нареч.* гIорцIизегIан; **~ пое́сть** гIорцIизегIан кваназе

СЫ́ТН//ЫЙ, -ая, -ое 1) гIорцIизарулеб, ургьиб чIолеб; **~ая еда́** чехь гIорцIулеб квен 2) квен-тIех гIемераб

СЫ́Т//ЫЙ, -ая, -ое гIорцIараб; **я сыт** дун гIорцIун вуго 2) *разг. (упитанный)*: **~ый скот** кьарияб боцIи 3) (*не знающий нужды*); **~ая жизнь** сундего хIажалъи лъачIеб гIумру 4) *в знач. сущ. м*: **~ый голо́дного не разуме́ет** гIорцIарасда вакъарав лъаларев (вичIчIуларев)

СЫЧ *м зоол.* руз (*рузил цо тайпа*)

СЫЧУ́ Г *м (отдел желудка жвачных)* бадако

СЫ́ ЩИК *м* сыщик, полициялъул балъгояв агент

СЫЩУ́ , сы́ щешь *и т.д. буд. от* **сыска́ть**

СЭКОНО́МИТЬ *сов. что, на чем* цIуна-къан харж гьабизе; харж гьабулаго нахъе хутIизабизе

СЮДА́ *нареч.* гьанибе

СЮЖЕ́Т *м лит.* сюжет (*литературияб асаралда – цо яги цо чанго цоцада рухьарал ва цере тIолел, асаралъул аслияб хIасил, магIна кьолел лъугьа-бахъинал*)

СЮИ́ТА *ж муз.* сюита (*магIнаялъулаб бухьен бугеб, батIибатIияб хасияталъул цо чанго пьесалдасан данде гьабураб музыкияб асар*)

СЮРПРИ́З *м* 1) (*неожиданность*) ракIалдаго букIинчIеб, ракIалдаго гьечIеб жо 2) (*подарок*) хабар гьечIого щвараб цIияб жо, хабар гьечIого тIаде бачIараб жо; ракIалдаго букIинчIеб сайигъат

СЮРТУ́К *м* сюртук (*рачлихъаги къараб, халатал квенчIелалги ругеб бихьиназул тIасанретIел*)

СЮСЮ́КАТЬ *несов. разг.* **«ш»** гьаракьалъул бакIалда **«с»** хIалтIизабун кIалъазе

СЯ́ ДУ, ся́ дешь *и т.д. буд. от* **сесть**

СЯК: и так и сяк адинги додинги; **то так, то сяк** цин гьадин, цин додин

Т

ТА *мест. ж* дой; доб

ТАБА́К *м* тамахьо; **кури́ тельный** ~ цIалеб тамахьо, бухIулеб тамахьо; **ню́хательный** ~ сунтI; **жева́тельный** ~ чIамулеб (ма-цIалда гьоркье балеб) тамахьо

ТАБАКЕ́РКА *ж* танхьил гьутухъ

ТАБАКОВО́Д *м* танхьихъан, тамахьо гIезабулев чи

ТАБАКОВО́ДСТВО танхьихъанлъи, тамахьо гIезаби

ТАБАКОВО́ДЧЕСКИЙ, -ая, -ое танхьихъанлъиялъул, тамахьо гIезабиялъул; **~ совхо́з** танхьихъанлъиялъул совхоз

ТАБА́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое 1) танхьил; **~ый дым** танхьил кIкIуй; **~ая фа́брика** танхьил фабрика 2) (*о цвете*) танхьикьераб

ТА́БЕЛЬ *м* табель (1 *хIалтIуде рачIин-иналъул сияхI;* 2 *хIалтIуде рачIингун босулеб, нахъе унаго хъорцода балеб хасаб номер хъвараб жетон;* 3 *лъагIалил четвертазе ва лъагIалиего школлъималазул цIалуда хадургьел бихьизабулеб ведомость)*

ТА́БЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое табелалъул; **~ая доска́** табелалъул хъарщи; **~ый учёт** табелалъул учет, хIисаб-суал

ТА́БЕЛЬЩИК *м* табельщик, табель цIолев чи

ТА́БЕЛЬЩИЦА *ж* табельщица, табель цIолей гIадан

ТАБЛЕ́ТК//А *ж* таблетка (*даруялъул*); **~и от ка́шля** хIалцадул таблеткаби

ТАБЛИ́ ЦА *ж* таблица; **~ умноже́ния** кьабиялъул таблица; **~ вы́игрышей** можоро бергьарал облигациябазул таблица

ТАБЛИ́ ЧКА *ж* 1) *уменьш. от* **табли́ ца** 2) (*дощечка с надписью*) тIад хъвай-хъвагIай гьабураб гьитIинаб хъарщи

ТАБЛИ́ ЧНЫЙ, -ая, -ое таблицаялъул

ТАБЛО́ *с нескл.* табло (*хадуб хал ккурал жалазул бугеб хIал бицун, сигналал жинда тIад паркъулеб хасаб бакI*); **железнодоро́жное ~** маххул нухлул табло

ТА́БОР *м* табор (*гочарунел чагIазул обозгун цадахъ рещтIен; гьединабго бодул рещтIен; цыганазул цадахъ гочунел хъизаназул къокъа*)

ТА́БОРНЫЙ, -ая, -ое таборалъул; **~ые цыга́не** таборалъул цыганал, къокъаялдаса цыганал

ТАБУ́ *с нескл.* табу (*цебе: тIоцересел гIадамазда гьоркьоб тIибитIун букIараб цо кинаб бугониги предмет, иш, рагIи гьукъараб динияб гIадат; гьанже: кинабниги гьукъанщинаб жо*)

ТАБУ́ Н *м* илхъи; **~ лошаде́й** чуязул илхъи

ТАБУ́НН//ЫЙ, -ая, -ое илхъидул; **~ое конево́дство** илхъиялда чуял гIезари

ТАБУ́ НЩИК *м* илхъичи

ТАБУРЕ́Т *м.* **табуре́тка** *ж* бакI (*мугъ чIвалеб бакI гьечIеб*)

ТАВЕ́РНА *ж* таверна (*Италиялда, Швейцариялда ва цогидалги улкабазда гьитIинабго квана-гьекъолеб бакI*), ашбаз

ТАВРО́ *с* дамгъа; дамгъа чIвалеб алат

ТАВРО́В//ЫЙ, -ая, -ое дамгъаялъул; **~ый знак** дамгъаялъул ишара; **~ое желе́зо** дамгъа чIвалеб махх

ТАВТОЛО́ГИЯ *ж* тавтология (*цого пикру баян гьабизе цIияб магIна кьоларел батIиял рагIаби такрар гьари*)

ТАГА́Н *м* хьагикьмахх, махх

ТАДЖИ́ К *м* тажикав (таджикав)

ТАДЖИ́ КИ *мн.* тажикал (таджикал)

ТАДЖИ́ КСКИЙ, -ая, -ое тажиказул; **~ язы́ к** тажик мацI

ТАДЖИ́ ЧКА *ж* тажикай

ТАЁЖНЫЙ, -ая, -ое тайгаялъул, тайгаялда бугеб; **~ охо́тник** тайгаялъул чанахъан; **~ посёлок** тайгаялда бугеб посёлок

ТАЗ[1] *м (посуда)* тIарс

ТАЗ[2] *м анат.* рохокъотIиялъул ракьа, рохокъотIи

ТАЗОБЕ́ДРЕННЫЙ, -ая, -ое рохокъотIиги мачIчIуги цолъулеб бакIалда бугеб

ТА́ЗОВЫЙ[1]**,** -ая, -ое тIарсил

ТА́ЗОВ//ЫЙ[2], -ая, -ое *анат.* рохокъотIиялъул; **~ые ко́сти** рохокъотIиялъул рукьби

ТАИ́ НСТВЕННОСТЬ *ж* 1) (*секретность*) балъголъи 2) (*загадочность*) бичIчIулареблъун букIин, хIикмалъи

ТАИ́НСТВЕНН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*секретный*) балъгояб 2) (*загадочный*) вичIчIуларев, хIикматав; **~ый посети́тель** хIикматав гьобол 3) (*скрывающий что-л.*) *щибниги* бахчулеб (*гьумер*)

ТА́ИНСТВО *с церк.* балъголъи; хIикмалъи; хIалкIолъи; **~ и́ споведи** тавбоялъул хIалкIолъи

ТАИ́ТЬ *несов. что* 1) бахчизе, балъго гьабизе; **~ зло́бу** про́тив *кого-л. лъидениги бугеб* щин балъго гьабизе 2) (*заключать в себе*) жаниб бахчизе; **э́ то реше́ние таи́ т в себе́ опа́сность** гьеб хIукмуялда жаниб хIинкъи буго ◊ **не́чего греха́ ~** мунагь бахчун тIубаларо

ТАИ́ //ТЬСЯ *несов.* 1) *разг. (скрывать что-л.)* бахчун букIине; балъго букIине; **говори́ть не тая́ сь** балъго гьабичIого, бахчун течIого бицине 2) (*прятаться*) вахчаризе 3) (*заключаться*) жаниб букIине; гъорлъ букIине; **в э́том ~тся кака́я-то та́йна** гьелда гъорлъ цо балъголъи буго

ТАЙГА́ *ж* тайга (*Европаялда, Азиялда, Америкаялъул севериябрахъалда цIакъ кIудияб ризаб накIкIирохь*)

ТАЙКО́М *нареч.* балъго, балъгого; **де́лать ~** балъгого гьабизе; **пробра́ться ~** балъго ворчIизе, лъиданиги лъачIого ворчIизе

ТАЙМ *м спорт.* тайм, бутIа (*масала, футбол хIаялъул цо бутIа*)

ТА́ЙН//А *ж* балъголъи, балъгояб иш; **вое́нная ~а** рагъулаб балъголъи; **вы́дать** *чью-л.* **~** *лъилниги* балъголъи рагьизе; **не де́лать ~ы** *из чего-л. сундулниги* балъголъи гьабунгутIизе; **ни для кого́ не ~а** лъиениги балъгояб жо гуро; **непо́знанная ~а** лъачIеб, нахъгIунтIичIеб балъголъи; **~ы ко́смоса** космосалъул балъголъаби

ТАЙНИ́К *м* балъгояб бакI, *щибниги* бахчараб бакI ◊ **в ~ах души́** рекIел тIиналда

ТА́ЙНО *нареч.* балъго; **де́йствовать ~** балъго хIалтIизе

ТА́ЙНОПИСЬ *ж* балъгояб хъвай-хъвагIай

ТА́ЙН//ЫЙ, -ая, -ое балъгояб; **~ый догово́р** балъгояб къотIи; **~ое голосова́ние** балъгояб гьаракь кьей (*рищиязда*)

ТАЙФУ́ Н *м* тайфун (*океаналда кутакаб гьури*)

ТАК *нареч.* 1) гьадин, гьедин, додин, лъодин, гъодин; **я де́лаю ~ же, как и он** дос кин гьабулеб батаниги, гьедин дицаги гьабула 2) (*до такой степени*) хIалалъ; **он ~ измени́ лся, что его́ нельзя́ узна́ть** вихьани лъалареб хIалалъ хисун вуго дов 3) (*без последствий*) гьедин; **э́ то ~ не пройдёт** гьеб гьедин битIун ккеларо; **э́ то де́ло оста́вить ~ нельзя́** гьеб иш гьедин тезе бегьуларо 4) (*без причины, случайно*) гьадинго; **я сказа́л э́ то про́сто ~** дица гьеб гьадинго абун букIана **2**. *союз* 1) (*но, однако*) амма; **я ведь говори́л, ~ ты и слу́шать не хоте́л** дица абулеб букIана, амма дуе гIенеккизецин бокьичIо 2) (*потому*) гьединлъидал; **жа́рко, ~ ре́ки меле́ют** багIарун буго, гьединлъидал гIорал гьитIинлъулел руго **3**. *частица разг.* 1) (*ничего особенного*) расги гьечIо; **что с тобо́й? – так** дуе щиб? – расги гьечIо 2) (*следовательно*) -ха; **~ ты мне не ве́ришь?** мун дида божулев гьечIоха? 3) *утв. (да, действительно)* у; **~, вы не оши́блись** у, мун мекъи ккун гьечIо ◊ **~ли?** гьединищха?; **~ и есть** гьедин бугизеги буго; **~ сказа́ть** гьедин абун телин; **~ и зна́йте!** лъан букIаха! **~ и́ли и́ наче** я гьадинаса, я додинаса; **и ~ и сяк** гьадинги додинги, батIибатIияб къагIидаялъ; **~ тому́ и быть** гьедин букIинеги ккола гьеб; **е́сли ~** гьедин батани; **на́до вы́ йти пора́ньше, ~ что́бы не опозда́ть на по́езд** поездалде кватIунгутIизе къватIире дагьалъ хекко рахъине ккела

ТАКЕЛА́Ж *м мор.* такелаж (*гамил киналго кварал, тросал*)

ТА́КЖЕ *нареч. и союз присоед.* гьединго, ва, -ги; **он ~ чита́л э́ ту кни́ гу** досги цIалана гьаб тIехь; **он лю́ бит петь, а ~ и танцева́ть** досие кечI ахIизе, гьединго кьурдизеги бокьула

ТАКИ, -ТАКИ *частица разг. (тем не менее, все же, однако)* бугониги, кин бугониги; **[он] успе́л- ~ на по́езд** бугониги поездалде кватIичIо дов; **~ он оши́бся** кин бугониги, гьев кватIана

ТАКО́В, -ая, -ое *мест. указ. с знач. сказ.* гьединаб буго; **все они́ ~ы́** киналго дол гьединал руго; **~о́ на́ше мне́ние** гьединаб буго нижер пикру ◊ **и был ~** хазабуна, цевеса тIагIана; дуда вихьа, дида рагIа

ТАКОВО́Й, -ая, -ое *мест. указ.* гьединаб, бугеб, рехсараб ◊ **как ~** бугеб хIалалда, рехсараб куцалда

ТАК//О́Й, -ая, -ое *мест. определит.* гьединав, гьадинав; цIакъ, кутакалда; **~о́й челове́к нам не ну́жен** гьединав чи нижее хIажат гьечIо; **~о́й, како́й есть** гьадинав вугоха (*дун*); **она́ ~а́я краси́вая!** дой кутакалда берцинай йиго! ◊ **~и́м о́бразом** гьединаб куцалда, гьединаб хIалалда; **в ~о́м слу́чае** гьедин батани; **кто он ~о́й?** дов щив кколев?; **что ~о́е случи́ лось?** щиб лъугьараб? щиб ккараб?

ТАКО́Й-ТО, -ая, -ое *мест. неопр.* пуланав

ТА́КС//А[1] *ж (расценка)* такса (*пачалихъалъ сундуениги чIезабураб багьадул роцен*); **пла́та по ~е** таксаялда рекъон мухь, хIакъ кьей

ТА́КСА[2] *ж (собака)* такса (*гIемер кIудияб гьечIеб, кIичIарал къокъал бохдузул, халатаб къаркъалаялъул тайпа*)

ТАКСА́ЦИЯ *ж* (*по гл.* **такси́ровать**) такса чIезаби, къимат чIезаби

ТАКСИ́ *с нескл.* такси

ТАКСИ́ РОВАТЬ *сов. и несов. что* такса чIезабизе, багьадул роцен чIезабизе

ТАКСО́МЕТР *м* таксометр (*таксиялъ тараб манзил ва гьелъухъ кьезе кколеб мухь бихьизабулеб алат*)

ТАКСОМОТО́Р *м см.* **такси́**

ТАКСОМОТО́РНЫЙ, -ая, -ое таксиязул, таксомоторазул; **~ парк** таксомоторазул, таксиязул парк

ТАКТ[1] *м муз.* такт (*музыкияб гьаркьил цо къотIел*)

ТАКТ[2] *м* адаб-хъатир, мухъ-рахъ, гIурхъи-зани; **отсу́тствие ~а** адаб-хъатир гьечIолъи

ТА́К-ТАКИ *частица разг. (всё-таки)* бугониги, кин бугониги; **он суме́л ~ доби́ ться своего́** кин бугониги, жиндирабго чIезабизе кIвана досда

ТА́КТИК *м* тактик, тактика лъалев чи

ТА́КТИКА *ж* тактика (1 *воен. рагъде хIадурлъиялъул ва рагъ гьабиялъул искусство, гьединго рагъ гьабиялъул гIелму* 2 *перен. мурадалде щвеялъе хIалтIизарулел киналго ресал ва къагIидаби*)

ТАКТИ́ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое тактикияб; **~ая подгото́вка войск** аскаразул тактикияб хIадурлъи

ТАКТИ́ ЧНО *нареч.* адабалда, гIурхъи-рахъ цIунун

ТАКТИ́ ЧНОСТЬ *ж* адаб буголъи, гIурхъи-рахъ буголъи; **~ поведе́ния** гIамал-хасиятальулъ адаб буголъи, хьвада-чIвадиялъулъ гIурхъи-рахъ цIуни; **прояви́ ть ~** адаб буголъи бихьизабизе

ТАКТИ́ ЧНЫЙ, -ая, -ое адаб бугев, хьвада-чIвадиялъул нух-рахъ лъалев; **~ челове́к** адаб бугев чи; муруват бугев чи

ТАЛА́НТ *м* 1) (*дарование*) пагьму, гьунар; **музыка́льный ~** музыкаялъе гьунар 2) *перен.* пагьму-гьунар бугев чи

ТАЛА́НТЛИВО *нареч.* бергьараб махщалида; **~ сыгра́ть роль** бергьараб махщалида роль хIазе

ТАЛА́НТЛИВОСТЬ *ж* пагьму букIин, гьунар букIин, кутакаб махщел букIин

ТАЛА́НТЛИВЫЙ, -ая, -ое пагьму бугев, гьунар бугев, кутакаб махщел бугев

ТАЛИСМА́Н *м* гьайкар (гьайкал), сабаб

ТА́ЛИ//Я *ж* рачелкъай; **то́нкая ~я** тIеренаб рачелкъай; **пла́тье в ~ю** тIад рекъараб, рачелкъавулъа дурусаб гурде

ТА́ЛЛИЙ *м* таллий (*хим. элемент, металл*)

ТАЛО́Н *м* талон; **~ на бензи́н** бензиналъе талон; **открепи́тельный ~** учёталдаса вахъиялъул талон; **прикрепи́тельный ~** учёталда лъеялъул талон

ТА́Л//ЫЙ, -ая, -ое биараб; **~ый снег** биараб гIазу; **~ая вода́** гIазу-цIер биараб лъим

ТАЛЬК *м* тальк (*техникаялда ва медицинаялда хIалтIизабулеб тамахаб, беэнаб хIур гIадинаб минерал*)

ТАМ 1. *нареч.* 1) (*о месте*) доба, гъоба, лъоба; **~ же** добаго; **они́ бу́дут ~ то́лько за́втра** дол дора гIицIго метер рукIина 2) *разг. (потом, затем)* цинги; **~ ви́ дно бу́дет, что де́лать** щиб гьабилебали цинги балагъун бихьила **2**. *частица разг.* уйила дуе; **каки́е ~ у него́ дела́!** уйила дуе, кинал ишал гьесул рукIунел! **како́е ~!** уйила дуе! ◊ **[и] ~ и тут, [и] ~ и сям, ~ -сям** добаги гьанибги, бакI-бакIалда; **то тут, то ~** цин гьаниб, цин доба, батIи-батIияб бакIалда

ТАМАДА́ *м* тамада (*бертадул*)

ТА́МБУР *м* тамбур, вагоналъул жанахI

ТАМГА́ *ж* дамгъа, мугьру

ТАМО́ЖЕННИК *м* таможнялъул хIалтIухъан

ТАМО́ЖЕННЫЙ, -ая, -ое таможнялъул (*склад*)

ТАМО́ЖНЯ *ж* таможня (*гIурхъи бахун, жанибе бачIулеб ва къватIибе унеб къайиялъухъ балагъулеб ва гьелъухъ мухь босулеб идара)*

ТА́МОШНИЙ, -яя, -ее *разг.* дова вугев, доваса; лъова вугев, лъоваса; гъова вугев, гъоваса (*бицен гьабулеб бакIалдаса*)

ТАМПО́Н *м* тампон (*би къатIинабизе яги хьверд-рецIцI къватIибе бахъизе ругънада лъолеб квасквасул горо, катнил кесек*)

ТА́НГЕНС *м мат.* тангенс

ТА́НГО *с нескл.* танго (*кьурди*)

ТА́Н//ЕЦ *м* кьурди; **наро́дные ~цы** халкъиял кьурдаби

ТАНК *м* танк

ТА́НКЕР *м мор.* танкер (*лъамалъи баччулеб гама*)

ТАНКЕ́ТКА[1] *ж воен.* танкетка (*цIикIкIараб хехлъиялъул гьитIинаб танк*)

ТАНКЕ́ТКА[2] *ж* танкетка (*агъалдегIаниса тIикъва бицатаб хьит, туфля*)

ТАНКИ́ СТ *м* танкист

ТА́НКОВ//ЫЙ, -ая, -ое танкалъул, танказул; **~ая диви́зия** танказул дивизия

ТАНТА́Л *м* тантал (*хим. элемент, металл*)

ТАНЦЕВА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое кьурдул, кьурдабазул, кьурдухъабазул; **~ая му́зыка** кьурдул бакъан

ТАНЦЕВА́ТЬ *несов. что и без доп.* кьурдизе

ТАНЦО́ВЩИК *м* кьурдухъан; балеталъул кьурдухъан, балеталъул артист

ТАНЦО́ВЩИЦА *ж* кьурдухъан; балеталъул кьурдухъан, балеталъул артистка

ТАНЦО́Р *м* кьурдухъан

ТАНЦУ́ ЮЩ//ИЙ, -ая, -ое кьурдулев, кьурдулезул; **~ая па́ра** кьурдулезул кIигоял

ТАПЁР *м* тапер (*кьурдабазул вечеразда цеве вахъунев пианист, аргъанчи ва гь.ц.*)

ТА́ПОЧКИ *мн.* (*ед.* **та́почка** *ж*) *разг.* мачуял, черекал

ТА́РА *ж* 1) (*упаковка*) тара (*къайи-цIа жаниб лъезе пайда босулел ящикIал, къандалъаби, хъапал ва гь.ц.*); **деревя́нная ~** цIулал тара (*ящикIал)* 2) (*вес упаковки*) тараялъул цIайи

ТАРАКА́Н *м зоол.* таракан (*шурулеб рухIчIаголъи*)

ТАРА́Н *м* 1) *ист. (орудие*) таран (*цебе хъулбузул галамал риххизаризе хIалтIизабулеб букIараб алат*) 2) *воен.* тункизаби (*дандеясулалда самолет, танк, гама тункизаби*) 3) *воен. (прорыв фронта*) таран (*гьужумалъ тушманасул рагъулаб мухъги тIезабун, жанирегIан лъугьин*)

ТАРА́НИТЬ *несов. что* 1) (*бить тараном*) добехун борлъизабизе 2) *воен. (ударять корпусом)* данд тункизабизе (*танк, самолет, гама*)

ТАРАНТА́С *м* гьоко, тарантас (*фаэтоназул цо тайпа*)

ТАРА́НТУЛ *м зоол.* тарантул (*ракьулъ букIунеб кIудияб загь-руяб къорола)*

ТАРА́НЬ *ж* тарань *(гьитIинаб ралъдал ччугIа)*

ТАРАТО́РИТЬ *несов. разг.* хехго, лъалхъи-къотIи́ гьечIого гаргадизе

ТАРАХТЕ́ТЬ *несов. разг.* 1) двар-двари бахъинабизе, чвархъезе 2) (*болтать без умолку*) кIал чвархъезабизе, гIемер кIалъазе

ТАРА́ЩИТЬ *несов. что разг.* гIачIихинаризе; чIваркьизаризе; ◊ **~ глаза́** *на кого-л.* бералги чIваркьизарун, *лъиденаги– сунденаги* кIвар кьун валагьизе

ТАРЕ́ЛК//А *ж* 1) пушхъа, гъадаро; **глубо́кая ~а** гъваридаб гъадаро; **ме́лкая ~а** пушхъа; **~а су́па** чурпадул гъадаро 2) *мн.* **~и** *муз. бакъан лъугьине цоцалъ кьабулел* тарелкаби ◊ **быть не в свое́й ~е** ругьунаб гуреб хIалалда вукIине, кеп (*настроение*) гьечIого вукIине

ТАРИ́Ф *м* тариф *(сундаса бугониги пайда босаралъухъ кьезе кколеб мухъалъул роцен)*

ТАРИ́ ФНЫЙ, -а, -ое тарифалъул

ТАСКА́//ТЬ *несов.* 1) *см.* **тащи́ ть** 1,2 2) (*носить долгое время*) гIемер мехалъ (*цого жо*) ретIине; **~ть с собо́й кни́гу** тIехь (кидаго) цадахъ босизе 3) *кого-что за что разг.* цIа-цIазе; **~ть** *кого-л.* **за во́лосы** лъилниги рас цIа-цIазе 4) *кого-что разг.* (*воровать*) бикъизе, хъамизе ◊ **он е́ле но́ги ~ет** досул бохдул хадур рехъерхъун руго; херлъун вуго, бохдул рилълъунел гьечIо

ТАСКА́ТЬСЯ *несов. разг. (ходить без надобности)* гIадада тиризе; женжедизе, шешкIезе; **~ по го́роду** шагьаралда шешкIезе

ТАСОВА́ТЬ *несов. что* журазаризе; **~ ка́рты** (*хIалел*) кагьтал журазаризе

ТАТ *м* татав

ТАТА́РИН *м* татарав

ТАТА́РКА *ж* татарай

ТАТАРСКИЙ, -ая, -ое татаразул, татар; **~ язы́ к** татар мацI

ТАТАРЫ *мн.* татарал

ТА́ТКА *ж* татай

ТАТУ́ИРОВАТЬ *сов. и несов. кого-что* татуировка гьабизе (*рукIкIбуз басун черхалда цIар хъвазе яги сурат гьабизе)*

ТАТУИРО́ВКА *ж* татуировка (*рукIкIбуз басун, черхалда гьабураб сурат, хъвараб цIар*)

ТА́ТЫ *мн.* татал

ТАФТА́ *ж* тафта (*чиллайдул, кунал гъункараб цIвакараб ххам)*

ТАХТА́ *ж* манги, нар, тах

ТАЧА́НКА *ж* тачанка (*кIиго чуги балеб рагьараб тIадагьаб гьоко*); **пулемётная ~** пулемёталъул тачанка (*пулемёт тIад лъураб тачанка*)

ТАЧА́ТЬ *несов. что* кIикварица букъизе; **~ сапоги́** чакмаби кIикварица рукъизе

ТА́ЧКА *ж* тачка, кверзугьоко (*цо гьакиберги бугеб*)

ТАЩИ́ ТЬ *несов.* 1) *кого-что (волоком)* бехъерхъизе 2) *кого-что разг.* (*нести*) баччизе; **~ мешо́к на спине́** мугъзада

(лъун) гьир баччизе; ~ **чемода́н** чемодан баччизе; 3) *кого-что разг. (тянуть за собой*) хадуб цIазе 4) *что (извлекать)* бахъизе; ~ **ведро́ из коло́дца** гъуялъуса ведро бахъизе; ~ **гвоздь из стены́** къадалъа магI бахъизе 5) *кого-что разг. (красть)* бикъизе, хъамизе

ТАЩИ́ТЬСЯ *несов. разг.* 1) (*с трудом идти*) хIалица ине, хъалхъалиялда ине 2) (*волочиться*) хадуб бехъерхъун букIине

ТА́ЯНИЕ *с* (*по гл.* **та́ять**) биин, чапи; ~ **сне́га** гIазу биин

ТА́ЯТЬ *несов.* 1) биине, чапизе; **снег та́ет** гIазу биунеб буго 2) *перен.* (*исчезать*) тIагIине; **его́ си́ лы та́ют** досул рухI тIагIунеб буго 3) *перен. (чахнуть*) виун ине, вакъвазе; **больно́й та́ет на глаза́х** унтарав къойидаса къойиде (вихьулаго) вакъвалев вуго 4) *перен. (млеть)* виине; ~ **от похва́л** рецц-бакъалъ виине

ТВАРЬ *ж* 1) *уст. и прост. (живое существо)* рухIчIаголъи, панз, хьвани, хIайван 2) *прост. бран. (о подлом человеке*) панз, хIайван

ТВЕРДЕ́ТЬ *несов.* къвакIизе

ТВЕРДИ́ ТЬ *несов.* 1) *что, о чём (повторять)* цого жо такрар гьабизе, чIечIого цого жо бицине; ~ **одно́ и то же** цого жо чIамизе

ТВЁРДО *нареч.* къвакIун, щулаго, ракI чIун; **я в э́ том ~ уве́рен** дир гьелда щулаго ракI чIун буго; ~ **стоя́ть на своём** щулаго жиндирабго ккун чIезе

ТВЁРДОСТЬ *ж* къвакIи, кьвари, щулалъи; ~ **древеси́ны** цIулал къвакIи; ~ **хара́ктера** гIамал-хасияталъул къвакIи (кьвари)

ТВЁРД//ЫЙ, -ая, -ое *в разн. знач.* къвакIараб, цо чIараб, кьварараб, щулияб, кьурулареб, чучулареб, биххулареб; **~ые тела́** къвакIарал телаби; **~ый грунт** къвакIараб ракь; **~ое реше́ние** хисулареб хIукму; **~ые зна́ния** щулияб лъай; **~ая во́ля** щулияб, къвакIараб нигат ◊ **~ый знак** твердый знак (ъ); **~ые согла́сные** *лингв.* къвакIарал рагьукъал (гьаркьал)

ТВЕРДЫ́ НЯ *ж* 1) *уст. (крепость)* хъала, щулалъи 2) *перен.* (*оплот)* мугъчIвай гьабизе жо, мугъчIваялъе бугеб жо, мугъ чIвазе бакI

ТВОЁ *мест. с. см.* **твой**

ТВОИ́ *мест. мн. см.* **твой**

ТВО//Й 1) *мест. притяж. м* (**~я** *ж,* **~ё** *с,* **~и** *мн.*) дур; **~я о́чередь** дур ирга; ~**й дом** дур мина; **~ё мне́ние** дур пикру 2) *в знач. сущ.* **~и** *мн.* дурал; **как ~и пожива́ют** дурал кин ругел?

ТВОРЕ́НИ//Е *с* 1) (*по гл.* **твори́ть**) гьабураб жо, бижизабураб жо 2) (*произведение*) асар, хъвараб жо; **вели́кие ~я Пу́шкина** Пушкинил кутакал асарал

ТВОРЕ́Ц *м* 1) *высок. (создатель*) гьабурав чи, хъварав чи, бахъарав чи, бижизабурав чи 2) *рел. (бог)* (нилъ) рижарав Аллагь, бетIергьан, бечед, бича

ТВОРИ́ ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое: ~ **паде́ж** *грам.* актив падеж

ТВОРИ́ ТЬ[1] *несов. что* 1) (*создавать*) гьабизе, хъвазе, бахъизе (*цIияб жо*), бижизабизе, лъугьинабизе; гIуцIизе; ~ **но́вую жизнь** цIияб гIумру гIуцIизе 2) (*делать*) гьабизе; ~ **добро́** лъикIлъи гьабизе

ТВОРИ́ ТЬ[2] *несов. что*: ~ **и́ звесть** гач билъизе

ТВОРИ́ Т//ЬСЯ *несов.* лъугьине, ккезе; **что здесь ~ся?** гьаниб лъугьунеб бугеб щиб?

ТВО́РОГ *м* нису; **све́жий** ~ цIияб нису

ТВОРО́ЖНИК *м* нисулъ пурщина

ТВОРО́ЖНЫЙ, -ая, -ое нисул, нису жубараб, нису жаниб лъураб; ~ **пу́динг** нисулъчед

ТВО́РЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое творчествоялъулаб, гьунаралъулаб; **~ий путь писа́теля** хъвадарухъанасул творчествоялъулаб нух; **~ие си́ лы** творчествоялъулал къуватал; **~ая мысль** творчествоялъулаб пикру

ТВО́РЧЕСТВО *с* творчество, гьунар; **наро́дное** ~ халкъияб творчество; ~ **Че́хова** Чеховасул творчество

ТВОЯ́ *мест. ж см.* **твой**

ТЕ *мест. указ. мн.* дол, гъол, лъол

ТЕА́ТР *м* 1) театр; **драмати́ ческий** ~ драмаялъулаб театр; ~ **ку́кол** ясикIабазул театр; **пойти́ в** ~ театралде ине 2) *перен.* бакI; ~ **вое́нных де́йствий** рагъулал тунка-гIусиял ккараб бакI

ТЕАТРА́Л *м* театр бокьулев чи, театралде гIемер хьвадулев чи

ТЕАТРА́ЛКА *ж* театр бокьулей, театралде гIемер хьвадулей гIадан

ТЕАТРА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*относящийся к театру*) театралъул; **~ая ка́сса** театралъул касса 2) *перен. (наигранный*) рихьдае бугеб, ххвалие бугеб, чIухIараб, хIелкилаб; **~ая по́за** чIухIараб чIей

ТЕБЕ́ *дат., предл.п. от* **ты**; **о ~ я по́мню** дида мун ракIалда вуго; **к ~ зайду́ за́втра** духъе метер вачIина (*дун*) ◊ **вот ~ и на!** гьеле жо! гьеле жого жо!

ТЕБЯ́ *род., вин. п. от* **ты**; **я ~ ви́ дел** дида мун вихьана; **я получи́ л от ~ э́ти кни́ ги** дие гьал тIахьал духъа щвана ◊ **ну ~!** гIелаха мунги!

ТЕ́ЗИС *м* тезис (1 *лог. ритIухъаб букIин чIезабизе кколеб хIал; 2 филос. кинаб букIаниги цебетIеялъул байбихьи, тIоцебесеб даража; 3 докладалъул, лекциялъул, кIалъаялъул къокъаб хъвай-хъвагIай)*

ТЁЗКА *м., ж разг.* цIаргIахьал; **он мой ~** дов дир цIаргIахьал ккола

ТЁК, текла́, текло́, текли́ *прош. от* **течь**[1]

ТЕКСТ *м* текст (*сундулниги хIакъалъулъ хъвараб жо: литературияб асар, сочинение, документ ва гь.ц.; гьезул цо бутIа, кесек*)

ТЕКСТИ́ ЛЬ *м собир.* ххан-кIач

ТЕКСТИ́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое ххамил, ххам бессулеб; **~ая фа́брика** ххамил фабрика

ТЕКСТИ́ЛЬЩИК *м* вессарухъан, ххам бессулеб предприятиялъул хIалтIухъан, рессариялъул махщалилав

ТЕКСТИ́ ЛЬЩИЦА *ж* ессарухъан

ТЕКСТОВО́Й, -ая, -ое текстальул; ~ **шрифт** текстальул шрифт

ТЕКСТОЛО́ГИЯ *ж* текстология (*гIелмияб басмаялъе литературиял ва цогидалги асаразул текстазда тIад хIалтIулеб гIелму, филологиялъул цо бутIа*)

ТЕКСТУА́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое текстална рекъон кколеб, хIарпхIарп данде кколеб; ~ **перево́д** текстална рекъон гьабураб перевод (таржама)

ТЕКУ́ , теку́т *наст. от* **течь**[1]

ТЕКУ́ ЧЕСТЬ *ж* 1) *физ. (способность течь*) чвахун ин, чвахун унеб хасият, чвахи́ 2) *перен. (непостоянство*) хисарди, цо хIал ккунгутIи; хис-хиси; ~ **ка́дров** кадраби хис-хиси

ТЕКУ́ЧКА *ж разг.* аслиязе, кIвар бугезе квалквал гьабулел гIиси-бикъинал ишал; щибаб къойилал ишал

ТЕКУ́Щ//ИЙ, -ая, -ое 1) (*теперешний*) гьанжесеб, гьанже бугеб, гьаб; **в ~ем году́** гьаб соналъ; **в ~ее вре́мя** гьаб заманаялда 2) (*повседневный*) щибаб къойилаб; ~**ие дела́** щибаб къойилал ишал; **~ий ремо́нт** гIиси-бикъинаб ремонт; **~ие расхо́ды** щибаб къойилал харжал ◊ **~ий счет** банкалда яги сберкассаялда гIарац лъурасул яги учреждениялъул счет

ТЕЛЕВИ́ДЕНИ//Е *с* телевидение; **смотре́ть** *что-л.* **по ~ю** телевидениялъ кьолелъухъ валагьизе; **показа́ть по ~ю** телевидениялдасан бихьизабизе

ТЕЛЕВИЗИО́ННЫЙ, -ая, -ое телевидениялдасан кьолел передачаби къабул гьаризе бугеб; телевидениялдасан кьолеб; **~ая переда́ча** телевидениялдасан кьолеб передача; **~ая антенна** телевидениялъул антенна; **~ый центр** телевидениялъул центр

ТЕЛЕВИ́ ЗОР *м* телевизор; **включи́ ть** ~ телевизор биччазе

ТЕЛЕВИ́ЗОРНЫЙ, -ая, -ое телевизоралъул; ~ **экра́н** телевизоралъул экран

ТЕЛЕ́ГА *ж* гьоко

ТЕЛЕГРА́ММ//А *ж* телеграмма, **дать ~у** тел битIизе (кьабизе)

ТЕЛЕГРА́Ф *м* телеграф (*телеграммаби ритIулеб, кьабулеб учреждение; гьелъул мина*)

ТЕЛЕГРАФИ́ РОВАНИЕ *с* (*по гл.* **телеграфи́ровать**) телеграмма битIи, тел битIи; тел битIун лъазаби; тел кьаби

ТЕЛЕГРАФИ́ РОВАТЬ *сов. и несов. что, о чем* телеграмма битIизе

ТЕЛЕГРАФИ́ СТ *м* телеграфист, телеграфалъул хIалтIухъан

ТЕЛЕГРАФИ́СТКА *ж* телеграфистка, телеграфалъул хIалтIухъан

ТЕЛЕГРА́ФН//ЫЙ, -ая. -ое телеграфалъул, телалъул; ~ **столб** телалъул хIуби; **~ая связь** телеграфалъул бухьен

ТЕЛЕ́ЖКА *ж* 1) *уменьш. от* **теле́га** 2) (*тачка*) кверзул гьоко 3) *тех.* тележка (*цо-цо машинабазул хьвадулеб алат, бутIа*)

ТЕЛЕЗРИ́ТЕЛЬ *м* телевизоралъухъ балагьулев (чи)

ТЕЛЕМЕХА́НИКА *ж* 1) телемеханика (*бухьеналъул алатазул кумекалдалъун рикIкIадасан производствояльул процессал хIалтIизари*) 2) (*отрасль науки*) телемеханика (*рикIкIадасан процессазе команда гьабиялъул къагIидаби ва техникиял алатал лъазариялда хурхараб гIелмуялъул ва техникаялъул бутIа*)

ТЕЛЕМЕХАНИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое телемеханикияб, телемеханикаялъул

ТЕЛЁНОК *м* бече

ТЕЛЕОБЪЕКТИ́В *м* телеобъектив (*рикIкIада ругел предметазул суратал рахъизе фотоаппаратазе ва киноаппаратазе къваригIунеб объектив*)

ТЕЛЕПЕРЕДА́ТЧИК *м* телепередатчик; ~ **в косми́ческих корабля́х, спу́тниках** космосалъул гумузда, спутниказда телепередатчик

ТЕЛЕПЕРЕДА́ЧА *ж* телепередача (*телевизоралдасан кьолеб передача*)

ТЕЛЕПРИЁМНИК *м* телеприёмник

ТЕЛЕСКО́П *м* телескоп (*бакъ-моцIалъухъ, цIвабзазухъ ралагьизе хIалтIизабулеб алат*)

ТЕЛЕСКО́ПНЫЙ, -ая, -ое, **телескопи́ческий,** -ая, -ое телес-копалъул

ТЕЛЕ́СН//ЫЙ, -ая, -ое 1) чорхол, черхалъул 2) (*причиненный телу*) чорхол, чорхое ккараб, черхалда лъураб; **~ое поврежде́ние** чорхое ккараб, зарал, черхалда лъураб ругъун 3) (*о цвете*) гьанакьераб 4) *уст. (материальный*) материалияб; **~ый мир** материалияб дуниял

ТЕЛЕТА́ЙП *м* телетайп (*хIарпал кьабулеб телеграфалъул аппарат*)

ТЕЛЕТА́ЙПН//ЫЙ, -ая, -ое телетайпалъул; **~ая ле́нта** телетайпалъул лента

ТЕЛЕФО́Н *м* телефон; **междугоро́дный** ~ шагъаразда гьоркьосеб телефон; **говори́ть по ~у** телефоналъ кIалъазе; **звони́ть** *кому-л.* **по ~у** *лъихъениги* телефоналъ ахIизе; **подойти́ к ~у** телефоналда аскIове ине *(кIалъазе)*

ТЕЛЕФО́Н–АВТОМА́Т *м* телефон–автомат

ТЕЛЕФОНИ́РОВАТЬ *сов. и несов. что, о чем* телефоналдасан лъазабизе

ТЕЛЕФОНИ́СТ *м* телефонист (*телефоназул станциялъул хIалтIухъан*)

ТЕЛЕФОНИ́СТКА *ж* телефонистка

ТЕЛЕФО́НН//ЫЙ, -ая, -ое телефоналъул, телефоназул; **~ая ста́нция** телефоназул станция; **~ый разгово́р** телефоналдасан гьабураб гара-чIвари; **~ая кни́га** телефоназул (номеразул) тIехь

ТЕЛЕФОНОГРА́ММ//А *ж* телефоналъ ахIун гьабураб лъазаби; **переда́ть ~у** телефоналъ ахIун лъазабизе, телефонограмма кьезе

ТЕЛЕЦЕ́НТР *м (телевизионный центр)* телецентр

ТЕЛЕЭКРА́Н *м* телеэкран

ТЕЛИ́ТЬСЯ *несов. (о корове*) кьинлъизе, бече гьабизе

ТЁЛКА *ж* гIачIар; цIубече

ТЕЛЛУ́Р *м* теллур (*хим. элемент, металл*)

ТЕ́Л//О *с* 1) *физ. мат.* тéло; **твёрдые ~á** кьвакIарал телаби; **жи́дкое ~о** лъамияб тело 2) (*организм*) черх, кьаркъала; **ча́сти ~а** чорхол лугбал 3) *сундулниги аслияб* бутIа ◊ **душо́й и ~ом** ракIалъги черхалъги; **держа́ть** *кого-л.* **в чёрном ~е** *цивниги* кьварид гьавизе; вакъун, кьечон, ратIликъ тезе

ТЕЛОГРЕ́ЙКА *ж разг.* 1) керенсвери, хенчо 2) телегрейка (кваскваc лъураб куртка)

ТЕЛОДВИЖЕ́НИ//Е *с* черх багъаризаби, кьаркъала багъаризаби; черхалъул багъа-бачари; **пла́вные ~я** тIадагьго черх багъаризаби

ТЕЛОСЛО́ЖЕНИЕ *с* лага-черх; лага-черхалъул рекъей

ТЕЛЬНЯ́ШКА *ж разг.* тельняшка, матросгурде

ТЕ́ЛЬЦ//Е *с* 1) *уменьш. от* **те́ло** 2) *мн.* **~á** *биол.* тельцаби (*хIаталдаса ун гIисинал телаби*); **кра́сные кровяны́е ~á** бидул багIарал тельцаби; **бе́лые кровяны́е ~á** бидул хъахIал тельцаби

ТЕЛЯ́ТИНА *ж* бачил гьан

ТЕЛЯ́ТНИК *м* 1) (*хлев*) бачибокь 2) (*работник*) бачал хьихьулев чи

ТЕЛЯ́ТНИЦА *ж* бачал хьихьулей чIужу

ТЕЛЯ́Ч//ИЙ, -ья, -ье бачил; **~ья ко́жа** бачил тIом ◊ **~ьи не́жности** тIасан ккараб реэди, мачIаб реэди

ТЕМ 1. *мест.* 1) *тв. п. от* **тот, то**[2] 2) *дат. п. от* **те 2.** *нареч. со сравн. ст.* дагьабги; ~ **лу́чше** дагьабги лъикI **3**. *союз* -гIан; **чем бо́льше, ~ лу́чше** гIемер бугебгIан лъикI ◊ ~ **бо́лее** гьелеха, гьедин бугелъул гурищха; ~ **бо́лее, что** тIадежоялъеги; ~ **не ме́нее** гьедин бугониги, кигIан кин бугониги

ТЕ́М//А *ж* тема; **~а докла́да** докладалъул тема; **отклони́ться от ~ы** темаялдаса рикIкIалъизе, кьуризе

ТЕМА́ТИКА *ж* тематика, темаби; **совреме́нная** ~ гьанже заманаялъулаб тематика

ТЕМАТИ́ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое тематикияб, темабазулаб; **~ий план** тематикияб план; **~ая вы́ставка** цо темаялде буссараб выс-тавка

ТЕМБР *м* тембр; ~ **го́лоса** гьаркьил тембр (*бацIцIалъи, батIалъи*)

ТЕМЕНН//О́Й, -а́я, -о́е *анат.* ботIрол щурмил, ботIрол тIасияб рахъалъул; **~а́я кость** щурмил ракьа

ТЕ́МИ *тв. п. от* **те**

ТЕМЛЯ́К *м* 1) гIертел 2) хвалчадул гIоркь квердехун щула гьабулеб рачлил гор (хвалчадул гIоркьалъул кверзул чIоло)

ТЕМНЕ́//ТЬ *несов.* 1) (*становиться тёмным*) бецIлъизе 2) *безл.* бецIлъизе; **зимо́й ра́но ~ет** хасало хехго бецIлъула 3) (*виднеться – о тёмном*) бецIлъун бихьизе; **вдали́ ~ли го́ры** ракIкIада бецIлъун рихьулел рукIана мугIрул

ТЕМНИ́ЦА *ж уст.* туснахъ, гвенд, донг, тюрьма

ТЕМНО́ 1) *нареч.* бецI, бецIго 2) *безл. в знач. сказ.* бецIго буго; **на у́лице** ~ къватIиб (къотIноб) бецIго буго

ТЕМНО- бецI- (*«бецIаб» магIналъул журарал прилагательноязда цебе букIунеб бутIа*)

ТЕМНОБРО́ВЫЙ, -ая, -ое кьунсрул чIегIерав; кьунсрулчIегIер

ТЕМНОВОЛО́СЫЙ, -ая, -ое рас чIегIерав, рас-муч чIегIерав

ТЕМНОГЛА́ЗЫЙ, -ая, -ое берал чIегIерав; бералчIегIер (*сущ.*)

ТЁМНО-ЗЕЛЁНЫЙ, -ая, -ое бецIгIурччинаб

ТЕМНОКО́ЖИЙ, -ая, -ое тIом чIегIерав, тIомол кьер чIегIерав

ТЁМНО-КРА́СНЫЙ, -ая, -ое бецIбагIараб

ТЕМНОЛИ́ЦЫЙ, -ая, -ое гьурмал кьер чIегIерав, накIкIуяб куц-мухъалъул

ТЁМНО-РУ́СЫЙ, -ая, -ое канчIсурмияб (рас)

ТЁМНО-СИ́НИЙ, -яя, -ее бецIхъахIилаб

ТЕМНОТ//А́ *ж* 1) бецIлъи́ ; **верну́ться домо́й до наступле́ния ~ы́** бецIлъи рехилалде рокъове щвезе (тIад вуссине) 2) *перен. (невежество*) лъавукълъи, жагьиллъи, бецIлъи

ТЁМН//ЫЙ, -ая, -ое 1) бецIаб; **~ая ко́мната** бецIаб рукъ 2) чIегIерсияб; **~ые во́лосы** чIегIерсияб рас 3) *перен.* (*мрачный*) ракI чIунтараб, ракI бекараб, пашманаб; **~ые мы́сли** пашманал пикраби 4) *перен. (злостный)* щцидалаб 5) *перен.* (*сомнительный*) щакаб; **~ое де́ло** щакаб иш 6) *перен. (неясный)* баянлъи гьечIеб, щибкинали лъалареб, кинабали лъалареб; **~ые места́** киналали лъалаpел бакIал 7) *перен.* (*невежественный*) бецIаб, лъавукъаб, жагьилаб ◊ **~ое пятно́** чIегIераб тIанкI (*щибниги инсан суризавулеб жо*); **э́то для меня́ ~ый лес** бецIаб рохьгIанги балъгояб буго дие гьеб

ТЕМНЫ́М-ТЕМНО́ *нареч.* цIакъго бецI

ТЕМП *м* темп (*хехлъиялъул даража*); **высо́кие ~ы** тIадегIанаб хехлъи; **~ы ро́ста** цебетIеялъул темпал

ТЕМПЕРА́МЕНТ *м* темперамент (1 *сверухъ бугеб хIакъикъаталдехун инсанасул бугеб гьоркьоблъи; чIаголъи, гъира, шавкъ, хIасрат ва гь.ц. бихьизабулеб психикияб хIал;* 2 *жанисеб хIаракаталъул, хIасрат-шавкъалъул даража)*

ТЕМПЕРА́МЕНТН//ЫЙ, -ая, -ое темперамент (*чIаголъи, хIасрат-шавкъ, гьира-цIа)* бугев; **~ая речь** хIасратаб кIалъай

ТЕМПЕРАТУ́ Р//А *ж* температура, цIа-кан; **норма́льная ~а** рекъараб температура; **изме́рить ~у** температура (цIа-кан) борцине

ТЕМПЕРАТУ́РИ//ТЬ *несов. разг.* температура букIине, цIа-кан бачIине, цIа-кан бахине; **больно́й ~т** унтрарасул цIа-кан бахун буго

ТЕМПЕРАТУ́РН//ЫЙ, -ая, -ое хинлъи-цIороялъул, цIа-каналъул; **~ые измене́ния** цIорой-хинлъиялъул хиса-басиял

ТЕ́МЯ *с анат.* ботIрол щурун, ботIрол тIоноцIалъул рахъ

ТЕНДЕНЦИО́ЗНЫЙ, -ая, -ое тенденциозияб, тенденция-лъулаб

ТЕНДЕ́НЦИЯ *ж* 1) (*стремление*) тенденция, къасд, мурад; **~ к ро́сту** цебетIеялде бугеб къасд 2) (*замысел*) пикру, тенденция; **основна́я ~ рома́на** романалъул аслияб пикру 3) (*предвзятая мысль*) цо мурадалде буссараб пикру

ТЕ́НДЕР *м ж.-д.* тендер (*паровозалъе къваригIунеб цIатари, лъим жаниб цIунизе гьелда нахъа балеб хасаб вагон*)

ТЕНЕВ//О́Й, -а́я, -о́е 1) рагIадалъул, рагIад бугеб, хьонлъул; бакъ щолареб; **~а́я сторона́ у́лицы** къватIалъул рагIад бугеб рахъ 2) *перен. (отрицательный)* заралияб, квешаб; **в э́ том есть свои́ ~ы́е сто́роны** гьелъулъ руго жиндирго квешал рахъалги ◊ **~а́я экономика** бахчараб, балъгояб экономика

ТЕНЕЛЮБИ́ В//ЫЙ, -ая, -ое *бот.* рагIдукь рижулел, рагIад хириял, рагIад бокьулел, хьонлъул; **~ые тра́вы** рагIдукь рижулел хурдул, хьонлъул хурдул

ТЕНЁТА *мн.* 1) (*сеть*) *гIалхул хIайванал кколеб* гьин 2) *прост.* (*паутина*) хъанхъра

ТЕНИ́СТЫЙ, -ая, -ое рагIад бугеб, рагIад гIемераб

ТЕ́ННИС *м* теннис; **насто́льный ~** столалда тIад хIалеб теннис

ТЕ́ННИСНЫЙ, -ая, -ое теннисалъул; **~ мяч** теннисалъул торгIо

ТЕННИСИ́СТ *м* теннисист (теннис хIалев чи)

ТЕННИСИ́СТКА *ж* теннисистка (теннис хIалей гIадан)

ТЕ́НОР *м* тенор (*бихьиназул бищунго борхатаб гьаракь ва гьеб гьаракьалдалъун кечI ахIулев кочIохъан*)

ТЕНОРО́В//ЫЙ, -ая, -ое тенораллъул; **~ый го́лос** бихьиназул борхатаб гьаракь

ТЕНТ *м* тент (*бакъалдаса, цIадалдаса цIунизе тIад бигъулеб хIебет*)

ТЕН//Ь *ж* рагIад; **~ь от де́рева** гъотIол рагIад; **сиде́ть в ~и́** рагIдукь гIодов чIезе ◊ **держа́ться в ~и** бихьугеги-рагIугегиян чIезе; **оставля́ ть в ~и́** кIвар кьечIого тезе; **от него́ оста́лась одна́ ~ь** цохIо рагIад хутIун буго досул (тIеренлъун, хIалакълъун вуго дов)

ТЕОЛО́ГИЯ *ж* теология, рухIанияб гIелму

ТЕОРЕМ//А *ж мат.* теорема; **доказа́ть ~у** теорема битIараб букIин чIезабизе

ТЕОРЕ́ТИК *м* теоретик (*теориялъул гьунарчи, теориялъул гIалимчи, теория лъикIго лъалев чи*)

ТЕОРЕТИ́ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое теориялъулаб; **~ая подгото́вка** теориялъулаб хIадурлъи; **~ая фи́ зика** теориялъулаб физика

ТЕО́РИЯ *ж* теория; **~ ша́хматной игры́** шахматал хIаялъул теория; **~ языкозна́ния** языкознаниялъул (мацIазул гIелмуялъул) теория

ТЕПЕ́РЕШНИЙ, -яя, -ее *разг.* гьабсагIат бугеб, гьанжесеб

ТЕПЕ́РЬ *нареч.* гьанже; **~ пора́ спать** гьанже кьижизе заман щвана

ТЕПЛЕ́//ТЬ *несов.* хинлъизе, бахьизе; **на у́лице ~ет** къватIиб хинлъулеб буго

ТЕ́ПЛИТ//ЬСЯ *несов.* 1) (*гореть слабо*) загIипго рекIун букIине 2): **в нем ещё ~ся наде́жда** досул жеги хьул къотIун гьечIо

ТЕПЛИ́ЦА *ж* теплица (*овощал, тIугьдул гIезариялъе къачIараб хасаб хинаб бакI*)

ТЕПЛИ́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое теплицаялъул, теплицабазул; **~ые расте́ния** теплицабазда гIезарурал тIугьдул, хурдул ва гь.ц.

ТЕПЛ//О́[1] *с* 1) хинлъи; **сего́дня шестна́дцать гра́дусов ~а́** жакъа анцIила анлъго градусалъул хинлъи буго; **держа́ть но́ги в ~е́** хIатIал хинго цIунизе 2) *перен. (доброта)* лъикIлъи, рекIел хинлъи

ТЕПЛОВО́З *м ж.-д.* тепловоз (*мотораллъ хIалтIизабулеб локомотив*)

ТЕПЛОВ//О́Й, -ая, -ое хинлъиялъул, хинлъиялъулаб; **~ая эне́ргия** хинлъиялъ кьолеб энергия (къуват) ◊ **~ой уда́р** *мед.* багIаридул унти (*гIемераб мехалъ багIариялда рукIиналдалъул лъугьуneб унти*)

ТЕПЛОЁМКОСТЬ *ж физ.* цо градусалъ хинлъизабураб яги цIорозабураб мехалъ *пуланаб* телоялъ босулеб яги къватIибе кьолеб хинлъиялъул къадар

ТЕПЛОИЗОЛЯ́ ЦИЯ *ж* хинлъи къватIибе иналдаса цIуни

ТЕПЛОКРО́ВНЫЕ *мн. зоол. сверухъе бугелда бачIого*, жидер чорхолъ чIараб хинлъи бугел (*рухIчIаголъаби*)

ТЕПЛОЛЮБИ́ В//ЫЙ, -ая, -ое *бот., зоол.* хинлъи бокьулеб, хинлъи хирияб; **~ые расте́ния** хинлъи бокьулел хурдул, рижулел жал

ТЕПЛООБМЕ́Н *м* цIакъго багIарараб телоялдаса цогидаб телоялде хинлъи ин

ТЕПЛООТДА́ЧА *ж* багIарараб жоялъ къватIибе хинлъи кьей

ТЕПЛОПРОВО́ДНОСТЬ *ж физ.* хинлъи гъорлъан биччалеб хасият

ТЕПЛОСТО́ЙКИЙ, -ая, -ое хинлъи хIехьолеб, бухIи хIехьолеб

ТЕПЛОТ//А́ *ж* 1) *физ.* хинлъи́ ; **едини́ цы измере́ния ~ы́** хинлъи борцунел роценал 2) *перен.* рекIел хинлъи; **говори́ ть с ~ой** *о ком-л. лъилниги хIакъалъулъ* рекIел хинлъигун бицине

ТЕПЛОТВО́РН//ЫЙ, -ая, -ое хинлъи букIинабулеб, хинлъи кьолеб, хинлъи кьезе кIолеб; **~ая спосо́бность** хинлъи кьезе кIолеб хасият

ТЕПЛОТЕ́ХНИКА *ж* теплотехника (*производствоялда, рукIа-рахъиналда хинлъи́ялъул энергиялдаса пайда босиялъул теориялъулги практикаялъулги бицунеб техникияб гIелмуялъул бутIа)*

ТЕПЛОФИКА́ЦИЯ *ж* рукъзал хинлъиялдалъун хьезари

ТЕПЛОФИЦИ́РОВАТЬ *сов. и несов. что* рукъзал хин-лъиялдалъун хьезаризе

ТЕПЛОХО́Д *м* теплоход (*моторалъ хIалтIулеб гама*)

ТЕПЛОЦЕНТРА́ЛЬ *ж* теплоцентраль (*рукъзал хинлъизариялъе энергия кьолеб станция*)

ТЕПЛОЭЛЕКТРОЦЕНТРА́ЛЬ *ж* теплоэлектроцентраль (*цого заманаялда электроэнергияги хинлъиги кьолеб электростанция*)

ТЕПЛУ́ШКА *ж разг.* теплу́шка (*гIадамал рекIине рекъезабураб, жаниб печь бакун хинлъизабулеб къайи баччулеб вагон*)

ТЁПЛ//ЫЙ, -ая, -ое 1) хинаб, бахьараб, ругьи бекараб, гIетIараб; **~ое молоко́** хинаб рахь 2) *перен. (сердечный)* разияб, ракIракIалъулаб; **~ый приём** разиго (разияб) къабул гьари ◊ **~ая компа́ния** цоцада лъикI лъалел кеп-гIоркьалъе ракIарал гIадамазул къокъа; **~ое месте́чко** бигьаяб хъулухъ, пайдаяб хъулухъ

ТЕРАПЕ́ВТ *м* терапевт (*жанисел унтабазул тохтир*)

ТЕРАПИ́ Я *ж* терапия (*жанисел унтабазе дару гьаби*)

ТЕРЕБИ́ ТЬ *несов.* 1) *что* бигьа гьабун цIа-цIазе, туркIизе; **~ во́лосы** рас цIа-цIазе 2) *кого за что (трясти)* кIовокIизе; **~ за плечо́** гъежги ккун, кIовокIизе 3) *кого перен. разг. (надоедать просьбами)* цIехолдун чIалгIинабизе, гьардон бизарлъизабизе 4) *что с.-х.* бетIизе, бахъизе (*хуриса лъелъ)*

ТЕ́РЕМ *м* сивурукъ (*некIсияб Русалда бечедаб кIалгIаялда тIад гьабураб)*

ТЕРЕ́ТЬ *несов.* 1) лъулъазе, кIвекIизе; **не три глаза́** берал кIвекIуге 2) (*размельчать*) лъулъан гIисин гьабизе; **~ карто́фель** картошка лъулъан гIисин гьабизе 3) (*причинять боль*) лъулъан унтизабизе; **сапо́г трёт мне но́гу** чакмаялъ лъулъан дир хIетIе унтизабулеб буго

ТЕРЕ́ТЬСЯ *несов.* 1) (*тереть себя*) живго лъулъазе; **~ полоте́нцем** полотенцеялъ живго лъулъазе 2) (*прикасаться, прижиматься*) лъулъадизе, лъуризе; **жерновá тру́тся** (*друг о друга*)

гьабил ганчIал (*цоцалъ*) лъурула 3) *перен. разг. (находиться среди кого-л.*) аскIов женжедизе, аскIоса гIебеде вукIине *(жив хIажат гьечIониги);* сентIолев вукIине, лъурлъудизе

ТЕРЗА́НИ//Е *с* 1) (*по гл.* **терза́ть**) тIутIуй, кескал лъугьинари, тIутIу-хъухъуй 2) *мн.* **~я** *перен.* рекIел гIазабал

ТЕРЗА́ТЬ *несов. кого-что* 1) (*раздирать*) тIутIузе, кескал лъугьинаризе, тIутIу-хъухъузе 2) *перен. (мучить) рек*Iее гIазаб кьезе

ТЕРЗА́ТЬСЯ *несов. (мучиться)* рекIее гIазаб букIине

ТЁРКА *ж* хъвагIав, хачав

ТЕ́РМИН *м* термин (*гIелмуялъул, техникаялъул, искусствоялъул цо чIван къотIараб жоялъе тIубараб магIна кьолеб цо я цо чанго рагIи*)

ТЕРМИНОЛОГИ´ ЧЕСКИЙ, -ая, -ое терминазул; **~ слова́рь** терминазул словарь

ТЕРМИНОЛО́ГИЯ *ж* терминология (*терминазул цо кьучIаб система*)

ТЕРМИ´ Т[1] *м зоол.* термит, хъахIаб цIунцIра (*хинал улкабазда букIунеб, цIулае цIикIкIараб зарал гьабулеб*)

ТЕРМИ´ Т[2] *м хим.* термит

ТЕРМИ́ТН//ЫЙ, -ая, -ое *хим., тех.* термиталъул, термит хIалтIизабулеб, термиталдалъун гьабулеб; **~ая бо́мба** термита-лъул бомба; **~ая сва́рка** термиталдалъун гьабулеб регъей, термиталъул регъей

ТЕРМИ́ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое *физ., тех.* термическияб (*багIариялъул энергия хIалтIизабураб*); **~ая сто́йкость** бухIи хIехьезе кIвей; **~ая обрабо́тка мета́лла** багIаризабун металлалъул качество лъикIлъизаби

ТЕРМОДИНА́МИКА *ж* термодинамика (*хинлъиги гьелъул хьвадиги лъазабулеб физикаялъул бутIа*)

ТЕРМОДИНАМИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое термодинамикияб, термодинамикаялъулаб

ТЕРМОИЗОЛЯ´ ЦИЯ *ж* хинлъи къватIибе иналдаса цIуни

ТЕРМО́МЕТР *м* термометр (*хинлъи-цIорой борцунеб алат*)

ТЕРМОРЕГУЛЯ́ТОР *м* терморегулятор (*кьваригIараб багIари чIезабулеб прибор)*

ТЕ́РМОС *м* термос (*лъим, чай ва гь.ц. цIороялдаса цIунулеб)*

ТЕРМОСТА́Т *м* термостат (*кибниги цо хасаб температура цIунулеб аппарат*)

ТЕРМОЭЛЕКТРИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое термоэлектрикияб (*хинлъиялдасан электроэнергия лъугьинабиялда хурхараб*); **~ ток** термоэлектрикияб (*хинлъиялъ лъугьинабураб)* ток

ТЕРМОЯ´ ДЕРН//ЫЙ, -ая, -ое: **~ая реа́кция** термоядернияб реакция; **~ое ору́жие** термоядернияб ярагъ

ТЁРН *м собир. (ягоды)* гогаман (*пихъ, гъветI*)

ТЕРНИ´ СТЫЙ, -ая, -ое 1) *уст.* зазахараб, заз гIемераб, зазилаб 2) *перен.* захIматаб, бакIаб; **~ путь** захIматаб нух (*гIумруялъул*)

ТЕРНО́ВНИК *м бот.* гогаман (*пихъ, гъветI*)

ТЕРНОВЫЙ, -ая, -ое гогаманалъул; **~ куст** гогаманалъул гъветI, хъарахъ ◊ **~ вене́ц** гIазабалъул гор (*книж. чIвалалде ГIиса аварагасул ботIрода лъун букIараб гогаманалъул гор*)

ТЕРПЕЛИ́ВО *нареч.* сабруялда, яхIалда, сабурго; **~ объясня́ть** *что-л. щиб бугониги* сабурго бичIчIизабизе

ТЕРПЕЛИ´ ВОСТЬ *ж* сабурлъи, сабруяв вукIин

ТЕРПЕЛИ́В//ЫЙ, -ая, -ое сабурав, сабруяв; къо хIехьолев, яхI бугев, сабру-яхIалда чIолев; **быть ~ым** сабурав вукIине

ТЕРПЕ́НИ//Е *с* сабру, къохIехьей, яхI гьабизе кIвей; **име́ть ~е** сабру букIине; **потеря́ть ~е** сабру лъугIизе; **вы́вести из ~я** *кого-л. лъилниги* сабру лъугIизабизе ◊ **~е и труд всё перетру́т** сабруялъги хIалтIуцаги кинабго къезабула

ТЕРПЕ́ТЬ *несов.* 1) *что и без доп. (безропотно переносить)* хIехьезе, яхI гьабизе, сабру гьабизе; **~ боль** унти хIехьезе 2) *кого-что (мириться с кем-чем-л.*) хIехьезе; **он не те́рпит возраже́ний** рагIи къотIи дос хIехьоларо 3) *что (испытать)* хIехьезе; **~ нужду́** къварилъи хIехьезе ◊ **вре́мя не те́рпит** кватIизе тезе бегьуларо; гIедегIизе ккола; **де́ло не те́рпит** иш хехго гьабизе ккола

ТЕРПИ´ МОСТЬ *ж* сабруялда чIезе кIвей, яхI гьабизе кIвей, къохIехьей; **~ к чужи́м мне́ниям** чияр пикраби сабруялда къабул гьари (гьаризе кIвей)

ТЕРПИ́М//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*допустимый*) хIехьезе бегьулеб, дагIба базе бегьулареб; **~ые услóвия** хIехьезе бегьулел шартIал; **~ая цена́** дагIба базе бегьулареб, рекъараб багьа 2) *(снисходительный)* сабруяб, гIодобе биччараб, хIехьезе бегьулеб; **~ое отноше́ние** хIехьезе бегьулеб гьоркъоблъи

ТЕРРА́СА *ж* 1) *геогр.* мегIели; магълъи 2) (*летняя пристройка*) рагъи, тIокъо; **застеклённая ~** цIер ккураб рагъи

ТЕРРИТО́РИЯ *ж* территория, ракь, бакI; **~ госуда́рства** пачалихъалъул ракь (*гIурхъиялъ жанибе бачараб*)

ТЕРРО́Р *м* террор, зулму (*политикияв тушманасда данде гуч хIалтIизаби, чIвай-хъвеялде гIунтIун гьесда тIад зулму гьаби*)

ТЕРРОРИЗИ´ РОВАТЬ *сов. и несов. кого-что* 1) (*устрашать насилием*) зулмуялдалъун, гучалдалъун хIинкъи кьезе 2) (*запугивать*) хIинкъизавизе, хIинкъиялда гъоркь чIезавизе

ТЕРРОРИ´ СТ *м* террорист, зулмучи

ТЕРРОРИСТИ́ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое терроралъулаб, террорис-тазулаб, терроризмалъулаб; **~ая поли́тика** терроралъулаб политика, зулмуялъулаб политика

ТЕРРОРИСТКА *ж* террористка, зулмучIужу

ТЁРТ//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*измельченный*) *сунданиги лъулъан,* гIисин гьабураб, чухIараб; **~ый карто́фель** лъулъан яги чухIун гIисин гьабураб картошка; **~ые кра́ски** рухун, чухIун, лъулъан хIадурарал релъабин 2) *перен. разг. (бывалый)* гIемераб жо бихьарав, хIехьарав, хIалбихьи бугев (чи)

ТЕ́РЦИЯ *ж полигр.* терция (*титулалъулаб шрифталъул цо тайпа*)

ТЕРЯ́ТЬ *несов.* 1) (*лишаться чего-л.*) билизабизе, бортизабизе; **~ ключи´** кIулал рилизаризе 2) *что (сбиваться)* къосине, кIочон тезе; **~ доро́гу** нух къосине; **~ мысль** пикру кIочон тезе 3) ине, тIагIине, махIрумлъизе, хвезе; **~ зре́ние** берзул канлъи ине; **~ друзе́й** гьудулзабаздаса махIрумлъизе; **~ наде́жду** хьул къотIизе; **~ му́жество** бихьинчилъи хвезе 4) *что, в чем (убавлять)* тIаса ине, дагьлъизе; **~ в ве́се** цIайи *(цIавулъ) (сундулниги)* дагьлъизе 5) *что и без доп. (терпеть ущерб)* зарал ккезе; **я на э´том мно́го теря́ю** дие гьелъул кIудияб зарал ккезе буго 6) *что (тратить попусту)* гIадада ине; **~ вре́мя** заман гIадада ине ◊ **не́чего ~** ракI бухIизе жо гьечIо; **~ го́лову** гIакълу биххизе; **~ из ви´ду** цевеса тIагIине; **~ по́чву под нога́ми** жиндаго ракIчIей хвезе, лебаллъи хвезе

ТЕРЯ´ ТЬСЯ *несов.* 1) (*исчезать*) тIагIине, билизе; **~ в толпе́** гIадамазул гурулъ (руккалилъ) тIагIине 2) (*утрачиваться в памяти и т. п.*) ракIалдаса ине 3) абизе жо лъаларого хутIизе; рахIат хун лъугьине 4) (*лишаться самообладания*) щиб гьабилебали лъаларого, хутIизе; **~ при разгово́ре** кIалъалаго щиб бицинебали лъаларого хутIизе

ТЁС *м собир. буцIун гьабураб яги хъухъараб* тIеренаб хъарщи; гIощтIоца, жоноца лъамун къачIараб хъарщи, лъугъур

ТЕСА́К *м* 1) (*оружие*) тесак (*къотIулеб яги борлъулеб гIебаб кIибалаб нус, хъанчил сураталда гьабураб гIоркьи бугеб*) 2) (*топор*) (*цIулал устарасул цIул буцIулеб*) гIащтIи

ТЁСАН//ЫЙ, -ая, -ое буцIараб, буцIун гьабураб; бекIкIараб; **~ое бревно́** буцIараб рахи; **~ый ка́мень** бекIкIараб гамачI

ТЕСА́ТЬ *несов. что и без доп.* тIаса буцIизе; лъамизе; бекIкIизе; **~ брёвна** рахал руцIизе; **~ ка́мень** гамачI бекIкIизе ◊ **ему́ хоть кол на голове́ теши´** бетIералда тIад лъун мичил буцIаниги, ургъел гьечIо досие (*тIирун чIарав, вичIчIизе захIматав чиясул хIакъалъулъ*); дуниял бихханиги, ургъел гьечIо гьесие

ТЕСЁМКА *ж см.* **тесьма**

ТЁСКА *ж* (*по гл.* **теса́ть**) буцIи; бекIкIи; **~ брёвен** рахал руцIи (гIощтIоца чIвай)

ТЕСНИ´ Н//А *ж* кьварилъи, кьваридаб, гьваридаб гIурумухъ; **го́рные ~ы** мугIрузда, кьурабазда гьоркьор ругел кьваридал ну- хал (кьварилъи)

ТЕСНИ´ //ТЬ *несов.* 1) *кого-что (сжимать)* цоцалъ къазаризе, кьварид гьабизе, бакI кьварилъизабизе; **~ть друг дру́га** цоцазе бакI кьварид гьабизе 2) нахъе цузе, нахъе къазабизе; **~ть проти´в-ника** тушман нахъе къазавизе 3) (*об одежде, обуви*) къазе (*ретIел-хьит*) 4) *перен. безл. (о недомогании*) хIалуцине; **~т в гру-**
ди´ керен хIалуцунеб буго, чIинтIулеб буго

ТЕСНИ́ТЬСЯ *несов.* 1) (*толпиться*) цоцалъ къан рукIине, цоцада цун рукIине, данд цун рукIине 2) (*жить, работать в*

тесноте) къваридаб бакIалда рукIине, бакI къварилъизе (*хIалтIуда, рокъоб*) 3) *перен. (о чувствах, мыслях)* унтиялъ ракI хIалуцине, ццидаца ракI чIинтIизе

ТЕ́СНО 1. *нареч.* цоцалъ къан, данд цун, (бак1) къваридго; **~ поса́женные** цоцада цун чIарал (*гъутIби*) 2. *безл. в знач. сказ. (бакI*) къваридго букIине; **в ваго́не ~** вагоналъуб къваридго буго

ТЕСНОТ//А́ *ж* къварилъи, къваридаб бакI; тIатIала къай; **жить в ~е́** къваридаб, эркенлъи гьечIеб бакIалда яшав гьабизе

ТЕ́СН//ЫЙ, -ая, -ое 1) къваридаб; **~ый прохо́д** къваридаб нух 2) къараб, тIад къараб; **~ые боти́нки** къарал ботинкаби 3) (*компактный)* гъункараб; **~ые ряды́** гъункарал кьерал 4) *перен.* щулияб; **~ая дру́жба** щулияб гьудуллъи

ТЕСО́В//ЫЙ, -ая, -ое буцIун гьабураб, буцIараб хъорщол гьабураб; **~ые воро́та** буцIараб хъорщол каву

ТЕ́СТ//О *с* буцараб гIатI, ролъ; хамур; **ки́слое ~о** беччараб ролъ, речче тIураб жо; **меси́ть ~о** гIатI буцизе, ролъ буцизе, ханжу буцизе ◊ **из одного́ ~а** цоцада релълъарал; **из другого́ (из ра́зного) ~а** цоцада релълъинчIел (*гIамал-хасияталъул рахъалъ*)

ТЕСТООБРА́ЗН//ЫЙ, -ая, -ое хамур гIадаб, буцараб гIатIалда релълъараб; **~ая ма́сса** буцараб гIатI гIадаб жо

ТЕ́СТЬ *м* вакьад, вакьадэмен (*чIужуялъул эмен*)

ТЕСЬМА́ *ж* чIоло (*ххамил*), чалу

ТЕ́ТЕРЕВ *м* (*мугIрул*) гIанса (*хIинчI*)

ТЕТЕРЕВИ́НЫЙ, -ая, -ое гIансадул; **~ вы́водок** гIансадул тIанчIи (*эбелгун цадахъ ругел)*

ТЕТЁРКА *ж* эбелаб гIанса (*цIугIанса*)

ТЕТИВА́ *ж* (*чIорбутIалъул*) гIатI; дугъдараб квар (*хъухъадироялъул*)

ТЁТКА 1) *ж* ункъгIал, ункъачо, ада, бажу (*эбелалъул яги инсул яц*); имгIаласул чIужу 2) ункъачо (*санаде цIцIикIарай гIаданалде, хIурмат гьабун, абулеб рагIи)*

ТЕТРА́ДКА *ж см.* **тетра́дь**

ТЕТРА́ДЬ *ж* тетрадь

ТЁТЯ *ж см.* тётка

ТЕФТЕ́ЛИ *мн.* тефтели (*ххараб гьанал чIахIиял гарал гъорлъ ругеб чурпа*) **~ с ри́сом** гъорлъ пиринчI бугеб тефтели

ТЕХ *род., вин. и предл. п. от* **те**

ТЕХМИ́НИМУМ *м* техминимум (*техникияб минимум – жиндирго махщелалда хурхун хIалтIухъанасул букIине кколеб техникияб лъай*)

ТЕ́ХНИК *м* техник (*техникаялъул махIщалилав, хIал-тIухъан*) ◊ **зубно́й ~** гIусазул техник, гIусазул устар

ТЕ́ХНИК//А *ж* 1) техника; **передова́я ~а** цебе тIураб техника 2) *собир.* техника; **ремо́нт ~и** техникаялъе ремонт 3) (*приёмы*) техника, бажари, махщел; **~а ша́хматной игры́** шахматал хIаялъул техника (*махщел*)

ТЕ́ХНИКУМ *м* техникум (*гьоркьохъеб техникияб яги хасаб цIалул заведение*)

ТЕХНИ́ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое техникияб, техникаялъул; **~ая литерату́ра** техникияб литература; **~ие ма́сла** техникиял нахал ◊ **~ий реда́ктор** техникияв редактор (*тIехь, газета кинаб шрифталъ, кин бахъилебали бихьизабулев редактор)*

ТЕХНО́ЛОГ *м* технолог (*технологиялъул махщалилав*)

ТЕХНОЛОГИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое технологияб, технологиялъулаб; **~ институ́т** технологиялъулаб институт

ТЕХНОЛО́ГИЯ *ж* технология (1 к*инал рукIаниги производственниял процессазул, гьезие хIажалъулел материалал, алатал хIалтIизариялъул хIакъалъулъ къваригIунеб лъай; 2 хасаб къагIидаялъ ва иргаялда материалаздаса, алатаздаса производствоялда пайда боси)*

ТЕЧЕ́НИ//Е *с* 1) (*струя, поток*) чвахи; **~е реки́** гIурул чвахи; **бы́строе ~е** хехаб чвахи; **вниз по ~ю** гIор гъун (гIор чIван) эхебе; **про́тив ~я** гIорда данде 2) *перен.* нух, чвахи; **литерату́рное ~е** литературияб нух; **~е вре́мени** заманаялъул чвахи ◊ **в ~е до́лгого вре́мени** халатаб заманаялъ; **с ~ем вре́мени** цодагъаб заман ун хадуб; **~е боле́зни** унтул ин

ТЕ́ЧКА *ж биол.* рохьдочин, багъари (*хIайваналъул*); рохьдочараб заман, багъарараб заман

ТЕЧ//Ь[1] *несов.* 1) чвахизе; **река́ ~ёт на юг** гIор югалдехун чвахулеб буго; **кровь ~ёт из ра́ны** ругънадаса би чвахулеб буго 2) (*протекать*) бецIцIизе, гIеккезе, бесизе, чвахизе; **кры́ша ~ёт** тIох гIекколеб буго 3) (*проходить*) ине, къокъине; **вре́мя ~ёт бы́стро** заман хехго унеб буго ◊ **слю́нки теку́т** хIацIадулев вуго (*щибниги кваназе кутакаб гъира ккун буго*)

ТЕЧЬ[2] *ж* гIекк, чвахи; **кора́бль дал ~** гама багъун буго (*жанибе лъим чвахулеб буго)* 2) (*отверстие*) каратI, багъараб бакI (*лъим чвахулеб*); **заде́лать ~** (*лъим чвахулеб*) каратI бацизе

ТЕ́ШИТЬ *несов. кого-что* 1) (*забавлять*) ракI гъезабизе, хIал хьезабизе; **~ ребя́т** лъималазул ракI гъезабизе 2) (*утешать*) ракI бохизабизе, ракI чучизабизе ◊ **~ взор** берзул лазат босизе; **~ себя́ наде́ждами** анищазул хурзал рекьизе

ТЕ́ШИТЬ//СЯ *несов.* 1) (*забавляться*) ракI гъезе, хIал хьезе 2) *над кем разг.* (*глумиться)* валъаргъине, махсараде кквезе; хIакъир гьавизе (*щивниги*)

ТРАКТИ́РЩИЦА *ж* трактиралъул бетIергьан

ТРАКТОВА́ТЬ *несов. что* 1) (*излагать*) *сундулниги* магIна гьабизе, шархI гьабизе; *щибниги* баян гьабизе; *сундулниги хIакъалъулъ* жиндирго пикру загьир гьабизе; **~ вопро́с по-сво́ему** суал жиндирго пикруялда рекъон баян гьабизе 2) (*истолковывать*) баян гьаризе; **~ зако́ны** законал баян гьаризе

ТРАКТОВА́ТЬСЯ *несов.* 1) (*рассматриваться*) магIна лъазе, баянлъизе 2) (*истолковываться*) баянлъизе

ТРАКТО́ВКА *ж* 1) (*по гл.* **трактова́ть**) магIна гьаби, баян гьаби 2) (*по гл.* **трактова́ться**) магIна лъай, баянлъи

ТРА́КТОР *м* трактор; **колёсный ~** гьакал (бурдул) ругеб трактор; **гу́сеничный ~** рахсал ругеб трактор

ТРАКТОРИ́СТ *м* трасторист, тракторчи

ТРАКТОРИ́СТКА *ж* трактористка

ТРА́КТОРН//ЫЙ, -ая, -ое тракторазул, тракторалъ гьабулеб **~ая брига́да** тракторазул бригада

ТРАКТОРОСТРОИ́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое тракторал гьарулеб; **~ заво́д** тракторал гьарулеб завод

ТРАЛ *м* трал (1 *гумуздасан ччугIа кколеб гьин;* 2 *лъадалъ ми́наби ралагьулеб, гьел тIагIинарулеб алат;* 3 *ралъдал тIиндаса рухIчIаголъаби, хурдул рахъулеб алат)*

ТРА́ЛИТЬ *несов. что* 1) тралалъ ччугIа кквезе 2) тралалъ ми́наби ралагьизе 3) тралалъ ралъдал тIинуялъул цIех-рех гьабизе

ТРА́ЛЬЩИК *м* 1) (*рыболовное судно*) тралалъ ччугIа кколеб гьитIинаб гама 2) *воен.* тралалъ ми́наби ралагьулеб рагьулаб гама 3) (*рыболов*) тралалъ ччугIа кколев ччугIихъан

ТРАМБОВА́ТЬ *несов. что* бухун, мерхьун битIизабизе, бокъинабизе, къвакIизабизе *(нух);* **~ зе́млю** ракь мерхьун битIизабизе, къвакIизабизе, бокъинабизе

ТРАМБО́ВКА *ж* 1) (*по гл.* **трамбова́ть**) бухун, мерхьун къвакIизаби, бокъинаби 2) (*орудие, машина*) бухун, мерхьун къвакIизабулеб алат, машина

ТРАМВА́//Й *м* трамвай; **сесть на ~й** трамваялда рекIине; **вы́йти из ~я** трамваялдаса рещтIине ◊ **речно́й ~** *гIортIасан* гIадамал раччулеб катер (*шагьаралъул рагIаллъудаса гIебеде*)

ТРАМВА́ЙН//ЫЙ, -ая, -ое трамваялъул; **~ый ваго́н** трамваялъул вагон; **~ая остано́вка** трамвай чIолеб бакI

ТРАМПЛИ́Н *м* трамплин (1 *спорт. кIанцIи, роржен халат гьабизе бараб бакI;* 2 *перен. иш жиндасан байбихъулеб бакI, аслу, кьуч, мугьчIвай)*

ТРАНЖИ́РА *м, ж разг.* гIадада гIарац хвезабулев чи (*яги* чIужугIадан)

ТРАНЖИ́РИТЬ *несов. что разг.* гIадада хвезабизе (гIарац), бер къан бечелъи харж гьабизе; **~ де́ньги** бер къан гIарац хвезабизе

ТРАНЗИ́Т *м* транзит (1 *цо пачалихъалдаса цоги пачалихъалде, нухда бугеб лъабалибеб пачалихъ къотIун, къайи ва пассажирал раччи*; 2 *нухда ратулел бакIазда, тIаса бахъун, тIад лъун квалквал ккезе течIого, къайи баччи*)

ТРАНЗИ́ТНЫЙ, -ая, -ое транзиталъул, транзитияб; **~ по́езд** транзитияб поезд; **~ пассажи́р** транзитияв пассажир

ТРАНС *м мед.* гIакълуялдаса ин, кIотин, лъавудаса ин; **впасть в ~** кIотун ккезе, гIакълуялдаса ине, лъавудаса ине

ТРАНСКОНТИНЕНТА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое континента́л къотIун унеб; **~ая раке́та** континентал къотIун унеб ракета

ТРАНСКРИБИ́РОВАТЬ *сов. и несов. что лингв.* транскрипция гьабизе

ТРАНСКРИ́ПЦИЯ *ж* транскрипция (1 *лингв. мацIалъул яги диалекталъул щибаб гьаракь хасаб хIарпалдалъун ва ишаралдалъун дурусго бихьизаби*; 2 *муз. цогидаб инструменталъе яги гьаракьалъе музыкалияб асар цIидасан хъвай*)

ТРАНСЛИ́РОВАТЬ *сов. и несов. что* радиоялъ кьезе; **~ конце́рт по ра́дио** радиоялдасан концерт кьезе

ТРАНСЛИТЕРА́ЦИЯ *ж лингв.* транслитерация (*цо хъвай-хъвагIаялъул хIарпал цогидаб хъвай-хъвагIаялъул хIарпаз хиси*)

ТРАНСЛЯ́ЦИЯ *ж* трансляция (1 *радиоялъ ва телевизоралъ рикIкIадаб манзилалъ материал кьей*; 2 *радиоялъ, телевизоралъ гьедин кьураб материал)*

ТРАНСПАРА́НТ *м* транспарант (1 *гъорлъан канлъи бихьулеб кагътида гъоркь мухъ битIун хъвазе лъолеб чIегIерал хIуччал цIараб тIамач;* 2 *лозунгалгун, сураталгун рамаялда тIад рекъезабураб ххам)*

ТРАНСПЛАНТА́ЦИЯ *ж мед.* трансплантация (*организмалъул ткань яги лага цоги бакIалда, цогидаб организмалда рекIинаби)*

ТРА́НСПОРТ *м* 1) транспорт (*къайи ва гIадамал раччулебщинаб жо*); **автомоби́льный ~** автомобилазул транспорт 2) (*перевозка*) баччи 3) (*партия грузов*) цого заманялда бачIараб къайи 4) (*обоз*) цадахъ бугеб цо чанго гьоко *ва гь. ц.* 5) (*судно*) гIадамал ва къайи баччулеб ралъдал гама

ТРАНСПОРТА́БЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое баччизе квегIенаб, транспорталъ кибениги рехизе санагIатаб

ТРАНСПОРТЁР *м* 1) *тех.* транспортёр (*конвейер*) 2) *см.* **бронетранспортёр**

ТРАНСПОРТИ́РОВАТЬ *сов. и несов. кого-что* баччизе, транспорталъ рехизе; **~ гру́зы** къайи рехизе

ТРАНСПОРТИРО́ВКА *ж* (*по гл.* **транспорти́ровать**) баччи; **~ зерна́** хIалухъен баччи

ТРА́НСПОРТНЫЙ, -ая,-ое къайи баччулеб; **~ самолёт** къайи баччулеб самолет

ТРАНСФОРМА́ТОР *м эл.* трансформатор (*ток хисизабулеб*)

ТРАНСФОРМА́ТОРН//ЫЙ, -ая, -ое трансформаторалъул; **~ая бу́дка** трансформаторалъул будка

ТРАНСФОРМА́ЦИЯ *ж* **1.** куц, бегI, форма хиси, хисунккей **2.** трансформаторалъ электрикалъул ток хисизаби)

ТРАНСФОРМИ́РОВАТЬСЯ *сов. и несов.* хисун ине, хисизе, батIиялде сверизе; ток хисизе (*трансформаторалдалъун*)

ТРАНШЕ́Я *ж* хандакъ, окоп, ор, рахъ

ТРАП *м мор.* гамил болъо; самолеталъул болъо

ТРА́ПЕЗА *ж уст.* квен, тIутI, сурпа

ТРАПЕ́ЦИЯ *ж* 1) трапеция *(мат. ункъбокIон*) 2) трапеция (*спорт. кIиго кварида бан дализабураб гIер (гимнастикаялъе*)

ТРА́ССА *ж* 1) (*направление*) мухъ, унеб рахъ; **~ кана́ла** каналалъул мухъ 2) (*дорога, путь*) нух, шагьра; **автомоби́льная ~** автомобилал хьвадулеб шагьра

ТРАССИ́РУЮЩ//ИЙ, -ая, -ое *воен.* унаго хадуб гвангъараб хIучч лъугьунеб (*гулла, снаряд*)

ТРА́Т//А *ж* 1) (*по гл.* **тра́тить**) харж гьаби, хвезаби; **напра́сная ~ вре́мени** заман гIадада хвезаби 2) *мн.* **~ы** (*издержки*) харжал

ТРА́ТИТЬ *несов. что* харж гьабизе, хвезабизе; **~ мно́го де́нег** гIемераб гIарац хвезабизе; **~ зря вре́мя** заман гIадада хвезабизе

ТРА́ТИТЬСЯ *несов.* 1) *на кого-что (расходовать деньги*) харжал гьаризе, гIарац хвезабизе 2) (*расходоваться)* харжал ккезе; **~ на пое́здку** нухда харжал ккезе

ТРА́УЛЕР *м* траулер; **рыболо́вный ~** ччугIа кколеб траулер (*гама*)

ТРА́УР *м* 1) (*скорбь*) чIегIербай, тазият; **объяви́ ть ~** чIегIер базе 2) (*одежда*) чIегIер бан ретIунеб ретIел; **носи́ть ~** чIегIер бараб ретIел ретIине

ТРА́УРН//ЫЙ, -ая, -ое 1) хвалил, хвел букъиялъул, чIегIербаялъул; **~ая проце́ссия** хвел букъизе унел гIемерал гIадамал 2) *перен. (мрачный)* пашманаб, ракI гьанцIизабулеб, ракI бакъвазабулеб

ТРАФАРЕ́Т *м* трафарет (*къотIун хIарпал, накъыщ, сурат гьабураб тIеренаб пластинка*); **раскра́шивать по ~у** трафареталда рекъон (*сурат, накъыш*) белъине

ТРАФАРЕ́ТН//ЫЙ, -ая, -ое 1) трафареталъул, трафареталда рекъон гьабураб; **~ый рису́нок** трафареталда рекъон гьабураб сурат 2) *перен. (шаблонный)* хиси гьечIеб, цого коцода чIвараб; кидаго букIунеб, бицунеб, гьабулеб *ва гь. ц.* цого жо; **~ая фра́за** кидаго бицунеб цого жо

ТРАХ 1. *межд. звукоподр.* дваргъ, чвархъ, кьвах **2**. *в знач. сказ. прост.* дваргъан бахъине, чвархъан бахъине, кьвахан бахъине

ТРАХЕ́Я *ж ант.* мукъулукъ (*жанисеб*)

ТРА́ХНУТЬ *сов. разг.* 1) (*о резком, громком звуке*) чвархъан бахъине, кьвахан бахъине 2) *кого-что и без доп.* кьабун биччан тезе, кьвагъун биччан тезе; *~ кого-л.* **по голове́** лъилниги ботIролъ кьабун биччан тезе; **~ из ружья́** туманкI кьвагъун биччан тезе

ТРА́ХНУТЬСЯ *сов. разг.* 1) (*упасть с шумом*) дванкан гIодов речIчIизе 2) (*сильно удариться*) унтиледухъ (*цо кивниги*) тункизе, кутакалда тункизе

ТРАХО́МА *ж мед.* трахома (*беразул квешаб бахунеб унти*)

ТРЕ́БОВАНИ//Е *с* 1) (*настоятельная просьба*) тIалаб, тIалаб гьаби; **по ~ю суда́** судалъул тIалабалда рекъон; **удовлетвори́ть** *чьи-л.* **~я** лъилниги тIалабал тIуразаризе 2) *мн.* **~я** (*норма*) тIадал ишал; **~я для ока́нчивающих сре́днюю шко́лу** гьоркьохъеб школа лъугIулезда тIадал ишал 3) мн. **~я** (*правила, налагаемые кем-чем-л.*) тIалабал; **~я мо́ды** модаялъул тIалабал 4) *мн.* **~я** (*потребности, запросы*) тIалабал 5) (*документ*) требование (*щибниги тIалаб гьабун хъвараб кагъат*)

ТРЕ́БОВАТЕЛЬНОСТЬ *ж* тIалабчилъи, тIалаб букIин (*строгость*); бичIчIулеб букIин, бичIчIизе тIалаб гьаби (*разборчивость*)

ТРЕ́БОВАТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое 1) (*строгий*) тIалаб бугеб, кьварараб; **~ педаго́г** тIалаб бугев педагог; **~ тон** кьварараб гьаракь (*кIалъалесул*) 2) (*взыскательный*) жо бичIчIулеб, бичIчIизе тIалаб гьабулеб; **~ чита́тель** бичIчIизе тIалаб гьабулев цIалдолев 3) (*повелительный*) кьварараб

ТРЕ́Б//ОВАТЬ *несов.* 1) *чего* тIалаб гьабизе; **~овать про́пуск** пропуск тIалаб гьабизе; **~овать объясне́ний** *у кого-л.* лъидасаниги баян тIалаб гьабизе 2) (*обязывать к чему-л.)* тIадаблъун гьабизе, тIалаб гьабизе; **изви́листая доро́га ~овала неосла́бного внима́ния** свераби ругеб нухалъ тIадаблъун гьабулеб букIана чучулареб кIваркьей (цIакъ пикру гьаби) 3) *чего (нуждаться)* хIажалъизе, къваригIине, ккезе; **боле́знь ~ует лече́ния** унти сах гьабизе ккола; **э́ то ~ует мно́го вре́мени** гьелъие гIемераб заман хIажалъула 4) *кого-что (вызывать)* ахIизе; **~овать** *кого-л.* **в суд** *щивниги* судалде ахIизе

ТРЕ́Б//ОВАТЬСЯ *несов.* къваригIине, хIажалъизе, букIине ккезе; **мне ~уется э́ та кни́га** дие гьаб тIехь къваригIуна; **заво́ду ~ются рабо́чие** заводалъе хIалтIухъаби къваригIун руго

ТРЕБУХА́ *ж* ургьимес, бакIвали-кIач, бакь-кIач (*хъураб, чIвараб хIайваналъул*)

ТРЕВО́Г//А *ж* 1) (*беспокойство*) рахIатхвей, ракIхIинкъи; **его охвати́ла ~а** досул рахIат хвана 2) (*сигнал об опасности*) ахIи, ахIи бахъин, хIинкъи букIин лъазаби, тревога; **боева́я ~а** ругъулеб тревога; **ло́жная ~а** гьересияб ахIи ◊ **бить ~у** ахIи базе

ТРЕВО́ЖИ//ТЬ *несов. кого-что* 1) (*вызывать беспокойство*) рахIат хвезабизе; **меня́ ~т его́ отсу́тствие** дов гьечIолъиялъ дир рахIат хвезабулеб буго 2) (*нарушать покой*) хIалхьи тунгутIизе, парахалъи хвезабизе; **его́ весь день ~ли посети́ тели** тIаде рачIараз тIубараб къоялъ хIалхьи течIо досие 3) (*раздражать*) щцин бахъинабизе, рахIат хвезабизе; **шум ~т больно́го** ахIи-хIуралъ унтарасул рахIат хвезабулеб буго 4) (*бередить, причинять боль*) бигъинабизе, багъаризабизе, унтизабизе; **~ть ра́ну** ругъун бигъинабизе

ТРЕВО́ЖИТЬСЯ *несов.* 1) (*беспокоиться*) рахIат хвезе; **~ за дете́й** лъималазе гIоло рахIат хвезе 2) (*затруднять себя*) рахIат хвезабизе (*жиндирго*); **прошу́, не трево́жьтесь!** гьарула, (*дие гIоло*) рахIат хвезабуге!

ТРЕВО́ЖН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*нескпокойный*) рахIат хвараб, хIинкъи бугеб, рекIее хIалхьи гьечIеб; **~ые дни** хIинкъи бугел къоял; **~ый взгляд** рахIат хвараб балагьи; 2) (*предупреждающий*) хъинкъи букIин лъазабулеб, ахIи балеб, ахIул

ТРЕВОЛНЕ́НИЕ *с* кутакаб рахIатхвей

ТРЕ́ЗВЕННИК *м разг.* мехтел гьекъоларев чи, гьекъел рихарав чи

ТРЕЗВЕ́ТЬ *несов. (становиться трезвым)* вигьине, гьакълидаса вигьине

ТРЕ́ЗВО *нареч. (здраво)* цIодорго, гIакълуялда, гIакълу цебе ккезабун; **~ относи́ ться** *к чему-л. ~ сундехунниги* цIодораб бербалагьи букIине

ТРЕЗВО́Н *м* 1) (*звон*) килисаялда киналго цIурмазул цадахъаб гьаракь 2) *перен. разг.* мацI гьаби, рогьрал рай, квешал харбал риччай

ТРЕЗВО́НИТЬ *несов.* 1) (*о колоколах*) киналго цIурмал кьабизе 2) *что (распускать*) харбал тIиритIизаризе; *~ о чем-л.* **по всему́ го́роду** тIолабго шагьаралда *сундулниги хIакъалъулъ* харбал тIиритIизаризе

ТРЕ́ЗВОСТЬ *ж* 1) (*трезвое состояние*) мехталидаса вигьин, вигьун вукIин 2) *перен. (о взглядах)* цIодорлъи, гIакъилаб букIин; **~ сужде́ний** пикрабазул цIодорлъи

ТРЕ́ЗВ//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*не пьяный*) мехтичIев, вигьарав; **~ое состоя́ ние** вигьараб хIал, мехтичIеб хIал 2) *перен. (здравый*) цIодораб, гIакъилаб, саламатаб; **~ый ум** цIодораб бетIер; **~ый взгляд на ве́щи** ишалдехун цIодораб бербалагьи

ТРЕК *м спорт.* трек (*велосипедал, мотоциклал риччазе гьабураб хасаб бакI, нух*); **велосипе́дный ~** велосипедазе трек

ТРЕЛ//Ь *ж* трель *(чвахун бачIунеб куцалда, сололаго бахъулеб гьаракь-бакъан*); **~и соловья́** булбулалъул бакънал

ТРЕЛЬЯ́ Ж *м* трельяж (*лъабчIвалеб мамIу*)

ТРЕ́НЕР *м спорт.* тренер (*тренировка гьабулев чи, куцалев чи*)

ТРЕ́НИ//Е *с* 1) лъулъай, лъулъади; **си́ ла ~я** лъулъадиялъул къуват 2) *мн.* **~я** *перен. (разногласия*) ргIи дандеккунгутIи, къецдагIба, цоцалъ хъелъей

ТРЕНИРО́ВАНН//ЫЙ, -ая, -ое 1) ругъун гьавурав, яравул гьавурав, куцарав, хIадур гьавурав, лебаллъи бижизабурав; **~ый спортсме́н** ругъун гьавурав спортсмен; **~ая соба́ка** ругъун гьабураб гьой 2) (*хорошо развитый*) яравул гьабураб; **~ое те́ло** яравул гьабураб черх

ТРЕНИРОВА́ТЬ *несов.* 1) *кого-что (упражнять*) малъун ругъун гьавизе, хIадур гьавизе, куцазе, къачIазе; **~ боксёра** боксер ругъун гьавизе 2) *что (приучать)* ругъун гьабизе; *~* **те́ло** черх ругъун гьабизе

ТРЕНИРОВА́ТЬСЯ *несов.* ругъунлъизе, хIадурлъизе, яравуллъизе, лебаллъи бижизабизе (*жиндилъго*)

ТРЕНИРО́ВКА *ж* 1) (*занятие*) тренировка, ругъун гьави; *~* **по пла́ванию** лъедеялъул тренировка 2) (*упражнение*) яравул гьаби; **~ му́скулов** ччорбал яравул гьари

ТРЕНИРО́ВОЧНЫЙ, -ая, -ое ругъун гьавиялъул, тренировкаялъул; **~ полёт** ругъун гьавиялъул роржен; **~ костю́ м** тренировка гьабулеб мехалъ ретIунеб костюм

ТРЕНО́ГА *ж* 1) *см.* **трено́жник** 2) (*пути*) хIатIирухьен

ТРЕНО́ЖИТЬ *несов. кого-что* хIатIирухьен базе (*лъабго бохида*), хIатIирухьада биччазе (*чу*)

ТРЕНО́ЖНИК *м* лъабох; *~* **фотоаппара́та** фотоаппарата-лъул лъабох

ТРЕПА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое самулеб; **~ая маши́на** (квас) самулеб машина

ТРЕПАНА́ЦИЯ *ж мед.* трепанация (*ракьа борлъун гьабулеб операция*); **~ че́репа** гвангвараялъул ракьа борлъи (*операцияльe*)

ТРЕПАНИ́ РОВАТЬ *сов. и несов. что мед.* трепанация гьабизе, ракьа борлъизе

ТРЁПАН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*о волокне и т.п.*) самараб, **~ая шерсть** самараб квас 2) *разг. (поношенный*) сам-самун араб, тIутIураб, хохораб 3) *разг. (растрепанный)* бихха-бичараб

ТРЕПА́ТЬ *несов.* 1) *кого-что (приводить в беспорядок)* бихха-бичизабизе, тIутIу-хъухъузе; **ве́тер тре́плет её во́лосы** гьоро-

ца долъул рас бихха-бичизабулеб буго 2) *кого-что, по чему (похлопывать)* кIутI-кIутIизе; ~ *кого-л.* **по плечу́** *лъилниги* гъажалда кIутI-кIутIизе 3) *кого-что (дергать)* цIа-цIазе; ~ **за́ уши** гIундул цIа-цIазе; ~ **за во́лосы** рас цIа-цIазе 4) *что разг. (приводить в непригодность)* хвезабизе; ~ **о́бувь** хьитал хвезаризе (*гIемер ретIун*) 5) *что (конопля и т. п.) (габани)* самизе ◊ **его́ тре́плет лихора́дка** бакъул унтиялъ дов сорозавулев вуго; ~ *кому-л.* **нервы** *лъилниги* нерваби хвезаризе; ~ **языко́м** чIалгIаде гаргадизе

ТРЕПА́ТЬСЯ *несов. разг.* 1) (*развеваться*) парпадизе, хьвагIезе 2) *разг. (изнашиваться)* хвезе, хозозе (*ретIел-хьит*) 3) *прост. груб. (болтать)* чIалгIаде, гIадада гаргадизе, чIанда хъуризе, хъирмал риччазе

ТРЕПА́Ч *м груб. прост.* чIандачи, чвархъеро, кIалгIемер, гьорол гьобо, хъирмалгIемер

ТРЕПА́ЧКА *ж груб. прост.* чIандачIужу, чвархъеро, кIалгIемер, гьорол гьобо

ТРЕ́ПЕТ *м* 1) (*колебание*) сорой, парпади; ~ **ли́ стьев** тIанхазул парпади 2) (*волнение*) сороди, тIеркIей (*рекIел*); **с ~ом** ракI сороларо; **привести́** *кого-л.* **в** ~ *лъилниги* ракI сородизабизе (хIинкъизавизе) 3) *перен. (страх.)*; **наводи́ ть** ~ *на кого-л. щивниги* хIинкъизавизе, хIинкъун сородизавизе

ТРЕПЕТА́ТЬ *несов.* 1) (*колебаться, дрожать*) парпадизе, хьвагIезе, сородизе 2) (*испытывать волнение*) (*ракI*) тIеркIезе, сородизе; ~ **от восто́рга** вохиялъ ракI сородизе; **моё се́рдце трепе́щет** дир ракI сородулеб буго 3) *за кого-что, перед кем-чем перен. (испытывать страх)* хIинкъизе, хIинкъун сородизе; ~ *перед кем-л. лъиданиги цеве* сородизе

ТРЕ́ПЕТНЫЙ, -ая, -ое 1) (*дрожащий*) сородулеб, гъаргъар щолеб 2) (*взволнованный*) ракI тIеркIолеб, ракI сородулеб 3) (*охваченный страхом*) хIинкъараб, хIинкъун сородулеб, хIинкъул гъаргъар щолеб

ТРЁПКА *ж* 1) (*по гл.* **трепа́ть**) сами 2) *разг. (побои)* вухи, вазин, вацIи, кьаби, хIур кIутIи ◊ ~ **не́рвов** нерваби хвезари, рагъаризари

ТРЕСК *м* 1) (*резкий звук*) чIваркьи, чIваркь-чIваркьи, кьвахи, кьвах-кьвахи; ~ **су́чьев** гIаркьалабазул чIваркь-чIваркьи; ~ **ружёйных вы́стрелов** тункIал кьвагъулеб кьвах-кьвахи 2) *перен. разг. (шумиха)* гьай-гьуй, ахIи-хIур, хъуй-хъай; **подня́ть** ~ ахIи-хIур бахъинабизе ◊ **с ~ом провали́ться** халкъалда сурараб кучалъ мекъи ккезе; бода суризе; дваргъан вахъине

ТРЕСКА́ *ж* треска (*ччугIа*)

ТРЕ́СКА//ТЬСЯ *несов.* кьватI-кьватIизе, бихх-биххизе, кьватIалаби рехизе; **потоло́к ~ется** мокърукьбакI кьватI-кьватIулеб буго

ТРЕСКОТНЯ́ *ж разг.* 1) гьоркьоса къотIулареб хъуй, кьвагьи; ~ **пулемётов** пулеметазул кьвагьи 2) *перен. (болтовня)* чвархъей, чIалгIаде хъуй-хъаялда гаргади, чIечIого гаргади, кIалдибе барсун гьоло бараб кIалъай

ТРЕСКУ́ Ч//ИЙ, -ая, -ое 1) чIваркьолеб, чIваркь-чIваркьи бахъунеб; ~ **го́лос** гьварараб гьаракь 2) (*высокопарный*) гьай-гьуй гIемераб, ахIи-хIуралъул цIураб, цIакъго тIасан борчIараб; **~ие ре́чи** цIакъго тIасан рорчIарал кIалъаял ◊ **~ий моро́з** гIасияб квач, кутакаб цIорой

ТРЕ́СН//УТЬ *сов.* 1) (*издать треск*) чIваркь-чIваркьи бахъине, чIваркьи бахъине, кьвах-кьвахи бахъине, кьвагьан бахъине 2) (*дать трещину*) кьватIизе, кьватIун ине (бачIине), кьватIи рехизе; **льди́на ~ула** цIер кьватIана; **стака́н ~ул** стаканалда кьватIи́ рехана 3) *кого-что и без доп., прост. (сильно ударить)* чвархъан бахъинабизе, (*цо нухалъ*) кьабун биччан тезе ◊ **хоть ~и** кьвагьун хваниги, вихъ-вихъун аниги (*мурадалде щоларо*)

ТРЕСТ *м* трест (1 *цого тайпаялъул чанго предприятиялъул цолъи;* 2 *капиталистиял улкабазда производственниял ва дармилал операциял цо бакIалдасан гьарулел предприятиязул монополияб цолъи)*

ТРЕТЕ́ЙСКИЙ, -ая, -ое: ~ **суд** кIиябго рахъ разилъун, цонигизде цIай гьечIого, ишалъул, дагIбаялъул хал гьабизе гIуцIараб диван (суд)

ТРЕ́Т//ИЙ, -ья, -ье **1.** *числ.:* 1) лъабабилеб; **~ья страни́ца** лъабабилеб гьумер; **~ьего ию́ня** лъабабилеб июналда; **в ~ьем часу́** сагIат лъабгоялде хIалтIараб механалъ; **уже ~ий час** гьанже сагIат лъабгоялде хIалтIун буго; **полови́на ~ьего** лъабгоялде бащдаб хIалтIун буго 2) (*посторонний*) цогидав, тIокIав, гьорлъе унарев; **~ьи ли́ца** цогидал гIадамал 3) (*низкий*) гIодобегIанаб, къадараб; **~ий сорт** гIодобегIанаб (лъабабилеб) сорт; **~ий разря́ д** гIодобегIанаб (лъабабилеб) разряд **2**. *в знач. сущ.* **~ья** *ж (одна треть) щибаб* лъабил бутIа; **одна́ ~ья** лъабил бутIа **3.** *в знач. сущ.* **~ье** *с (сладкое блюдо)* кванан хадуб кьолеб гьуинаб гьекъел (*компот, сок, чай ва гь.ц.*) ◊ **из ~ьих рук** цоги чи гьоркьов ккун, лъабабилев чиясухъан; **~ьего дня** церекъад; **~ье лицо́** *грам.* лъабабилеб гьумер

ТРЕТИ́РОВАТЬ *несов. кого-что (обращаться с кем-л. пренебрежительно)* рикIкIа́лъе восунгутIизе, малъие гьавунгутIизе, сансикъ вихьизе, къабихIаб бер рехизе, рикIкIунгутIизе, хIангутIизе

ТРЕТ//Ь *ж* лъабил бутIа, лъабго бутIа гьабун цо бутIа; **~ь го́да** лъагIалил лъабил бутIа; **две ~и** лъабго бутIа гьабун кIиго бутIа

ТРЕУГО́ЛЬНИК *м* 1) *мат.* лъабокIон; **прямоуго́льный** ~ битIараб бокIон бугеб лъабокIон; **равносторо́нний** ~ хьалбал ращадаб лъабокIон 2) *разг. (директор, парторг, профком)* лъабгоял (*директорги, парторгги, профкомги*)

ТРЕУГО́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое лъабокIонаб, лъабго бокIон бугеб

ТРЕ́ФОВ//ЫЙ, -ая, -ое *карт.* череказул; **~ая деся́ тка** анцIилаб черек; ~ **туз** туз черек

ТРЕ́ФЫ *мн. карт.* черекал

ТРЁХГОДИ́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое лъабго сонил, лъабго лъагIалил; **~ые ку́рсы** лъабго сонил курсал

ТРЁХГОДОВА́ЛЫЙ, -ая, -ое лъабго сон бараб, лъабго лъагIараб; ~ **ребёнок** лъабго сон бараб лъимер; ~ **бык** лъабилаб жо (оц)

ТРЁХГРА́ННЫЙ, -ая, -ое лъабхьибилаб, лъабго хьибил бугеб; ~ **напи́ льник** лъабокIонаб чаран; ~ **у́гол** *мат.* лъабхьибилаб бокIон

ТРЁХДНЕ́ВНЫЙ, -ая. -ое лъабго къойилаб, лъабго къоялъул; **~ая командиро́вка** лъабго къоялъул командировка

ТРЁХКОЛЁСНЫЙ, -ая, -ое лъабго гьакибер бугеб, лъабго чарх, гьоко бугеб; ~ **велосипе́д** лъабго гьакибер бугеб велосипед

ТРЁХЛЕ́ТНИЙ, -яя, -ее 1) (*о сроке*) лъабго сонилаб, лъабго соналъул 2) (*о возрасте*) лъабго сон бараб, лъабго лъагIараб, лъабго квараб (*хIайван*)

ТРЁХМЁРН//ЫЙ, -ая,-ое лъабго роцен (*халалъи, гIеблъи, борхалъи*) бугеб 2) *муз.* лъабго роцен, бутIа бугеб

ТРЁХМЕ́СТНЫЙ, -ая, -ое лъабгоясе бакI бугеб, лъабгояв чIезе бегъулеб; ~ **но́мер в гости́нице** гостиницаялда лъабгоясе бакI бугеб номер

ТРЁХМЕ́СЯЧН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*о сроке*) лъамоцIрол, лъабго моцIрол; **~ые ку́рсы** лъабго моцIрол курсал 2) (*о возрасте*) лъабго моцI бараб; **~ый ребёнок** лъабго моцI бараб лъимер

ТРЁХНЕДЕ́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое 1) (*о сроке*) лъабго анкьил 2) (*о возрасте*) лъабго анкь бараб

ТРЁХПРОЦЕ́НТНЫЙ, -ая, -ое лъабго процеталъулаб; ~ **заём** лъабго процеталъулаб заем (*лъабго процеталъул хайир кьолеб*)

ТРЁХРА́ЗОВ//ЫЙ, -ая, -ое лъабго нухалъулаб, лъабго нухалъ кьолеб; **~ое пита́ние** лъабго нухалъ кьолеб квен

ТРЁХСОТЛЕ́ТИЕ *с* 1) (*срок*) лъабнусго сон (*бай*), лъабнус-го сон (*ин*) 2) (*годовщина*) лъабнусго сон свери, лъабнусго сон тIубай

ТРЁХСОТЛЕ́ТНИЙ, -яя, -ее 1) (*о сроке*) лъабнугсо соналъул; ~ **пери́од** лъабнусго соналъул заман 2) (*о возрасте*) лъабнугсо сон бараб; ~ **дуб** лъабнусго сон бараб миккигъветI

ТРЁХСО́ТЫЙ, -ая, -ое *числ.* лъабнусабилеб

ТРЁХСТОРО́ННИЙ, -яя, -ее 1) (*о предмете*) лъабго рахъ бугеб 2) (*с участием трех сторон*)**:** ~ **догово́р** лъабго рахъалъулаб къотIи

ТРЁХСТУПЕ́НЧАТ//ЫЙ, -ая, -ое лъабго хIокI, бутIа бугеб; **~ая раке́та** лъабго бутIа бугеб ракета

ТРЁХТО́МНИК *м* лъабго том (тIехь), лъабго томалда ругел асарал

ТРЁХТО́НКА *ж разг.* лъабго тонна баччулеб машина

ТРЁХЦВЕ́ТНЫЙ, -ая, -ое лъабкьераб, лъабго кьералъул, лъабго кьер бугеб

ТРЁХЧАСОВО́Й, -ая, -ое 1) (*длящийся три часа*) лъабго сагIаталъул, лъабго сагIаталъ халат бахъараб, лъабго сагIат къваригIунеб; ~ **докла́д** лъабго сагIаталъ халат бахъараб кIалъай (доклад) 2) *разг. (назначенный на три часа)* лъабго сагIат тIуба-

раб мехалъ букIунеб, бачIунеб; ~ **пóезд** сагIат лъабгоялда бачIунеб поезд

ТРЁХЭТÁЖНЫЙ, -ая, -ое лъабтIалаяб; ~ **дом** лъабтIалаяб мина

ТРЕЩ//ÁТЬ *несов.* 1) (*издавать треск*) чIваркьезе, чIваркьи бахъине, чIваркь-чIваркьи бахъине, гьаркьагъине; **дровá ~áт в печи́** печалъуб цIулал чIваркьи бахъунеб буго; **~áт кузнéчики** гарцIал цIирцIидулел руго 2) *перен. разг. (болтать*) гIемер чвархъезе, чIечIого гаргадизе 3) *перен. (быть накануне краха)* расуда бан букIине; **дéло ~ит по всем швам** гьеб иш расуда бан буго; биххулеб буго, гIодобе кколеб буго ◊ **моро́з ~и́ т** цIороялъ хIал гьабулеб буго; **у меня́ голова́ ~и́ т** кутакалда бетIер унтулеб буго дир, бетIер битIахъе бихъун унеб бугилан кколеб буго

ТРЕ́ЩИНА *ж* кьватIи́, кьватIараб бакI; ~ **в стене́** къадалъ (бугеб) кьватIи́ 2) *перен.* кьватIел (*гьоркьоблъиялда*), ракIхвей, дандеккунгутIи

ТРЕЩÓТКА *ж* 1) трещотка (*кьвах-кьвахи бахъинабулеб музыкалияб алат*) 2) *м, ж перен. разг. (о человеке)* кьвах-кьвахиялда вукIунев чи, гIемер чвархъолев чи, чIечIого гаргадулев чи, чвархъеро

ТРИ[1] *числ.* лъабго

ТРИ[2]**,** три́ те *повел. накл. от* **тере́ть**

ТРИБУ́ Н *м высок.* трибун (*халкъ хадуб цIалев жамгIияв хIаракатчи)*

ТРИБУ́НА *ж* трибуна (1 *кIалъазе вахъарасе къачIараб бакI; 2 стадионазда ва гь. ц. гIадамал гIодор чIезе гьабураб бакI)*

ТРИБУНÁЛ *м* трибунал (*суд*); **вое́нный** ~ рагъулаб трибунал

ТРИВИÁЛЬНЫЙ, -ая, -ое цебегосеб, басралъараб, цIилъи гьечIеб; цого къагIидаялъул

ТРИГОНОМЕТРИ́ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое тригонометриялъулаб; **~ие фу́нкции** тригонометриялъулал функцияби

ТРИГОНОМÉТРИЯ *ж* тригонометрия (*математикаялъул бутIа*)

ТРИ́ ДЕВЯТЬ: за ~ земéль *фольк. разг.* анкьабго ракь бахун, добехун; дуниялалъул рагIалда

ТРИДЦАТИЛÉТИЕ *с* 1) (*срок*) лъеберго сон ин, лъеберго сон бай 2) (*годовщина*) лъеберго сон свери, лъеберго сон тIубай

ТРИДЦАТИЛÉТН//ИЙ, -яя, -ее 1) (*о сроке*) лъеберго соналъул, лъеберго сонилаб; **~яя войнá** лъеберго сонилаб рагъ 2) (*о возрасте*) лъеберго сон бараб; **~ий мужчи́ на** лъеберго сон барав бихьинчи 3) (*о годовщине*) лъеберго сон свериялъул

ТРИДЦÁТ//ЫЙ, -ая, -ое *числ.* лъеберабилеб; **~ое января́** лъеберабилеб январь; **~ые го́ды** лъеберабилел сонал

ТРИ́ДЦАТ//Ь *числ.* лъеберго; **лет ~ь тому́ наза́д** лъеберго сонал цебе; **ему́ под ~ь** дос лъеберго сон балеб буго; **ему́ лет ~ь** лъеберго сон буго досул; **ему за ~ь** лъеберилъа арав чи вуго дов; **в ~и киломе́трах от го́рода** шагьаралдаса лъеберго километралъ рикIкIад

ТРИ́ЕР *м с.-х.* триер (*тIорщел бацIцIад гьабулеб ва сортал ратIа гьарулеб машина*)

ТРИ́ ЖДЫ *нареч.* лъабцIул; **~ три – де́вять** лъабцIул лъабго – ичIго; **я ~ напомина́л ему́ об э́том** дица лъабцIул ракIалде щвезабуна досда гьелъул хIакъалъулъ

ТРИКО́ *с нескл.* 1) (*ткань*) трико (*ххам*) 2) (*одежда*) черхалда тIад къараб спортивияб ретIел, трико

ТРИКОТÁЖ *м* 1) *текст.* хьухьараб ххам 2) *собир.* хьухьараб ххамил ретIел

ТРИКОТÁЖН//ЫЙ, -ая, -ое 1) хьухьараб ххам гьабулеб; **~ая фа́брика** хьухьараб ххамил фабрика 2) (*сделанный из трикотажа*) хьухьараб ххамил; **~ая ко́фточка** хьухьараб ххамил кофта; **~ый костю́ м** хьухьараб ххамил костюм

ТРИЛЛИÓН *м* триллион (*азарго миллиард*)

ТРИЛÓГИЯ *ж лит.* трилогия (*цо авторасул цоцада бухьараб лъабго асаралдасан данде гьабураб тIехь*)

ТРИНÁДЦАТЫЙ, -ая, -ое *числ.* анцIила лъабабилеб; **ему́ пошёл ~ год** досул анцIила лъабабилеб сон буго

ТРИНÁДЦАТЬ *числ.* анцIила лъабго

ТРИ́О *с нескл.* трио (1 *лъабго алаталъе яги лъабго гьаракьалъе хъвараб музыкияб асар;* 2 *гьединаб асар бачунев, ахIулев лъабго музыкант яги лъабго кочIохъан)*

ТРИ́ СТА *числ.* лъабнусго

ТРИТÓН *м зоол.* тритон, ралъдал ччут

ТРИУ́ МФ *м* кутакаб бергьенлъи, цIар рагIараб гьунар

ТРИУМФÁЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое бергьенлъиялъул хIурматалда гьабураб, бергьенлъиялда хурхараб;**~ые воро́та** бер-гьенлъиялъул хIурматалда гьабураб каву *(кIамури*); **~ое ше́ствие** бергьенлъиялъул хIурматалда гIемераб халкъ къва-тIибе бахъин (цадахъ ин)

ТРÓГАТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое рекIее асар гьабулеб, ракI хIайран гьабулеб, ракI тамах гьабулеб, ракI гурхIизабулеб; ~ **расска́з** рекIее асар гьабулеб хабар

ТРÓГА//ТЬ *несов.* 1) *кого-что (дотрагиваться)* хъвазе; **~ть** *кого-л.* **за плечó** *лъилниги* гъажалда (*квер*) хъвазе 2) *кого-то, чаще с отриц. (брать)* квер хъвазе, босизе; **не ~й э́ ти кни́ ги** гьел тIахьазда квер хъваге 3) *кого-что (задевать)* хъатIизе 4) *на кого (нападать)* тIад речIчIизе, хIанчIизе, бортизе; **не бóйтесь, соба́ка не ~ет** хIинкъуге, гьой тIад речIчIуларо 5) *что (вызвать легкое движение чего-л.)* рагъаризаризе; **усме́шка слегка́ ~ла её гу́бы** хьимиялъ долъул кIутIби дагьалго рагъаризаруна 6) *кого-что перен. (волновать, умилять*) рахIат хвезабизе, хъатIизе; **почему́ тебя́ э́то ~ет** гьелъ дур рахIат хвезе щай гьабураб 7) (*отправляться в путь)* нухда рахъине, рагъаризе, къокъине; **ло́шади ~ют** чуял нухда рахъунел руго

ТРÓГАТЬСЯ *несов.* рагъаризе, къватIире рахъине, къватIире лъугьине; ~ **в путь** нухда рахъине 2) (*испытывать сочувствие*) ракI гурхIизе

ТРÓЕ *числ.* лъабгояв; **их было** ~ дозул лъабгояв вукIана; ~ **су́ток** лъабго сордо-къо

ТРОЕБÓРЬЕ *с спорт.* лъабго тайпа гъорлъе унел къецал

ТРОЕКРÁТНО *нареч.* лъабцIул, лъабцIул цIикIкIун, лъабцIул тIатIала, лъабго нухалъ

ТРОЕКРÁТНЫЙ, -ая, -ое лъабцIулго, лъабго нухалъ цIикIкIараб;**~ чемпио́н** лъабцIулго чемпион

ТРÓИЦА *ж* 1) *рел.* троица (*христианазул диналда аллагь-лъун рикIкIунеб лъабго жо: аллагь-эмен, аллагь-вас ва аллагь-рухI)* 2) *разг. (трое)* лъабго лъикIав гьудул; **неразлу́чная** ~ цоцадаса вичIуларев лъабго гьудул

ТРÓЙК//А *ж* 1) (*цифра*) лъабилаб 3 2) (*отметка*) лъабилаб; **получи́ ть ~у по матема́тике** математикаялъе лъабилаб щвезе 3) (*упряжка*) тройка (*лъабго чу бараб гьоко*) 4) *карт.* лъабилаб 5) *разг. (костюм*) тройка *(пиджак, тIажу, жилет)*

ТРОЙН//ÓЙ, -ая, -ое лъабго бугеб, лъабго цадахъаб, лъабцIул такрарлъулеб, лъабго нухалъ (*цIикIкIинабураб яги дагьлъизабураб*); **~ы́е ра́мы** лъабго цадахъал рамаби; **в ~ом разме́ре** лъабго нухалъ цIикIкIун

ТРÓЙНЯ *ж* лъабго цадахъ гьарурал лъимал

ТРÓЙСТВЕННЫЙ, -ая, -ое лъабгоязул, лъабгоял гIахьалълараб, лъабгоял гъорлъ ругеб; ~ **сою́ з** лъабгоял гъорлъ ругеб (лъабгоязул) цолъи

ТРОЛЛЕ́ЙБУС *м* троллейбус

ТРОЛЛЕ́ЙБУСН//ЫЙ, -ая, -ое троллейбусалъул, троллейбусазул; **~ая остано́вка** троллейбусал чIолеб бакI

ТРОМБ *м мед.* тромб (*бидурихьалъуб би бакъван лъугьараб горо*)

ТРОМБÓН *м* тромбон (*музыкалияб инструмент*)

ТРОН *м* тах (*ханасул, парччахIасул*)

ТРÓНУ//ТЬ *сов.* 1) *см.* **тро́гать** 2) *кого-что с отриц. (погубить)* хъатIизе; **пожа́р не ~л их дома́** цIа дозул минабазда хъатIичIо 3) *кого-что перен. (взволновать)* хIайран гьавизе; **его́ расска́з ~л меня́ до слёз** досул хабаралъ дун магIу чвахиледухъ хIайран гьавуна 4) *что разг. (попортить)* дагьамакъаб зарал гьабизе; **дере́вья ~ло моро́зом** цIороялъ гъутIбузе дагьамакъаб зарал гьабун буго 5) *разг. (отправиться в путь*) рагъаризе, нухда рахъине, къватIире лъугьине

ТРÓНУ//ТЬСЯ *сов.* багъаризе (*чIаралъуса*); **он не ~лся с ме́ста** дов чIаралъуса вагъаричIо 2) *перен. разг. (начать портиться)* туризе, хIабухIине, тIавутIине, хвезе байбихьизе 3) *перен. разг. (сойти с ума)* бетIер сверизе ◊ **лёд ~лся** кIал бичана, байбихьи лъуна

ТРОПÁ *ж гIадамаз, хIайваназ бокьинабун лъугьараб* нух

ТРÓПИК *м* 1) тропик (*экваторалдаса 23° 27′-алъул манзилалда севералдехун яги югалдехун бугебилан тараб хIучч*); ~ **Ра́ка** Ракалъул тропик (*экваторалдаса севералдехун бугеб*); ~ **Козеро́га**

Козерогалъул тропик (*экваторалдаса югалдехун бугеб*) 2) *мн.* **~и** тропикал (*экваторалдаги гьел хIуччаздаги гьоркьор ругел хинал ракьал*)

ТРОПИ́ НКА *ж* сухъмахъ, сухъмахънух, цIакъ чIедераб нух

ТРОПИ́ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое тропикалъул, тропикияб; **~ие леса́** тропикалъул рохьал; **~ая жара́** тропикияб бухIи (багIари)

ТРОПОСФЕ́РА *ж* тропосфера (*гьаваялъул аслияб гьоркьияб гъат*)

ТРОС *м мор., тех.* трос (*кьурун гьабураб щулияб квар*); **стально́й ~** чармил трос

ТРОСТИ́ НКА *ж* муцIидул тIеренаб хIуби

ТРОСТНИ́ К *м* муцIи; **са́харный ~** чакар гьабулеб муцIи

ТРОСТНИКО́В//ЫЙ, -ая, -ое муцIидул; **~ые за́росли** муцIидул рохьал(гъарцIал); **~ый са́хар** муцIидул чакар

ТРОСТЬ *ж* тIил, гIанса

ТРОТУА́Р *м* тротуар (*къватIалъул кIиябго рахъалдасан гIадамал хьвадизе гьабураб нух*)

ТРОФЕ́Й *м* давла (*бергьараз къуразухъа рагъда бахъараб*)

ТРОФЕ́ЙН//ЫЙ, -ая, -ое давладуе щвараб, давладуе бахъараб; **~ое иму́щество** давладуе щвараб бечелъи, буголъи

ТРОЮ́РОДН//ЫЙ, -ая, -ое: **~ый брат** цинагIал; **~ая сестра́** цинагIал

ТРОЯ́К//ИЙ, -ая, -ое лъабго батIияб; лъабабго рахъалъул

ТРУБ//А́ *ж* труба, **водосто́чная ~а́** рогIоро, лъим чвахулеб труба; **~а́ завода́** заводалъул труба 2) *муз.* труба; **заигра́ла ~а́** трубаялъ бакъан бачана 3) *анат.* мащу; **евста́хиева труба́** гIинзунисан мукъулукъалде бугеб мащу

ТРУБА́Ч *м (труба пулев чи)* накъирачи

ТРУБ//И́ ТЬ *несов.* 1) *во что* пузе; **~и́ ть в трубу́** труба пузе 2) *что (подавать сигнал*) ахIи базе, сигнал кьезе; **~и́ ть сбор** ракIаризе сигнал кьезе, труба пун данде ахIизе 3) *о ком-чём перен. разг.* хабар тIибитIизабизе, киназего бицине, загьираблъун лъу-гьинабизе; **об э́ том де́ле все ~ят** гьеб ишалъул хIакъалъулъ киназго бицунеб буго

ТРУ́БКА *ж* 1) *уменьш. от* **труба́** 2) (*курительная*) цIулал хъалиян, хулхул хъалиян, трубка 3) (*телефона*) трубка 4) (*сверток*) *турпаялъухъего* жемараб жо

ТРУ́ БНЫЙ, -ая, -ое трубаялъул; **~ звук** трубаялъул гьаракь

ТРУБОПРОВО́Д *м* трубопровод (*лъамалъи жанисан чвахизе лъурал трубабазул, рогIразул мухъ*)

ТРУБОПРОКА́ТНЫЙ, -ая, -ое турбаби гьарулеб; **~ заво́д** турбаби гьарулеб завод

ТРУБОЧИ́СТ *м* лахIбахъ, кIкIуйдул тIулби рацIцIунев чи, лахI бахъулев чи

ТРУ́БЧАТЫЙ, -ая, -ое 1. турба гIадинаб, турбаялда релълъараб; 2. турбабазул гьабураб

ТРУД *м* 1) захIмат, хIалтIи; **жить свои́ м ~о́м** жиндирго захI-маталдалъун бетIербахъи гьабизе; **физи́ ческий ~** кверзул захIмат; **у́мственный ~** гIакълияб хIалтIи; **наёмный ~** мухьдахъ ккун гьабулеб хIалтIи; **обще́ственно-поле́зный ~** обществоялъе пайдаяб хIалтIи; **производи́тельность ~а́** захIматалъул (хIалтIул) рахъи; **разделе́ние ~а́** захIмат бикьи; **ору́дия ~а́** хIалтIул алатал 2) (*усилие*) захIмалъи; **э́ то сто́ило мне больши́ х ~о́в** гьеб гьабизе дие цIакъ захIмалъана; **без ~а́** захIмат бихьичIого, къо бихьи-чIого, бигьаго; **без ~а́ не вы́тащишь и ры́бки из пруда́** *посл.* захIмат бихьичIого хIориниса ччугIаги бахъуларо; **с ~о́м** хIалица; **с ~о́м подня́ ться** хIалица тIаде вахъине; **идти́ с ~о́м** хIалица ине 3) (*результат деятельности*) асар (*лъилниги гIакълуялъ бижизабураб*); **нау́чные ~ы́** гIелмиял асарал; **спи́сок печа́тных ~о́в** басмаялда рахъарал асаразул сияхI

ТРУДИ́ ТЬСЯ *несов.* хIалтIизе, гьарудизе, квалквадизе, захI-мат баччизе; **~ на заво́де** заводалда хIалтIизе; **~ на бла́го ро́дины** ватIаналъе гIоло (пайдаялъе) хIалтIизе 2) *над чем (заниматься)* хIалтIизе (*сунданиги тIад*); **~ над кни́ гой** тIехьалда тIад хIалтIизе 3) *с неопр. и без доп. разг. (затруднить себя)* захIмат баччизе, къо бихьизабизе (*жиндаго*); **не труди́тесь!** захIмат баччуге! къо бихьизабуге!

ТРУ́ДНО 1. *нареч.* захIмат; **~ пове́рить** божизе захIмат буго **2**. *безл. в знач. сказ.* захIмат букIине; **ему́ ~ здесь** гьесие гьаниб захIмат буго

ТРУДНОВОСПИТУ́ ЕМЫЙ, -ая, -ое тарбия кьезе захIматаб

ТРУДНОДОСТУ́ПНЫЙ, -ая, -ое щвезе захIматаб, ине захIматаб

ТРУДНОПРОХОДИ́ М//ЫЙ, -ая, -ое нух бахъизе захIматаб; **~ая ме́стность** нух бахъизе захIматаб бакI

ТРУ́ДНОСТ//Ь *ж* захIмалъи; **~и пути́** нухлул захIмалъаби; **его́ ожида́ют ~и** досда захIмалъаби дандчIвазе руго; **не боя́ ться ~ей** захIмалъабакъа хIинкъунгутIизе

ТРУ́ДН//ЫЙ, -ая, -ое захIматаб; **~ая рабо́та** захIматаб хIалтIи; **~ый путь** захIматаб нух; **~ое положе́ние** захIматаб хIал; **в ~ую мину́ту** захIматаб заманалда; **~ый ребёнок** захIматаб лъимер

ТРУДОВ//О́Й, -а́я, -о́е 1) захIматалъул, хIалтIул; **~о́й стаж** хIалтIул стаж; **~ой догово́р** хIалтIул къотIи; **~а́я дисципли́на** (хIалтIул) захIматалъул гIадлу 2) (*трудящийся*) жиндирго захIматалдалъун бетIербахъи гьабулев; **~о́й наро́д** захIматхалкъ ◊ **~а́я кни́жка** трудовая книжка (*хIалтIараб бакIалъул хъвай-хъвагIай гьабулеб книжка*)

ТРУДОДЕ́НЬ *м* захIматкъо

ТРУДОЁМК//ИЙ, -ая,-ое гIемерго захIматаб; **механиза́ция ~их рабо́т** гIемерго захIматал хIалтIаби механизмабаздалъун гьари

ТРУДОЛЮБИ́ВЫЙ, -ая, -ое захIмат бокьулев, захIмат хирияв, хIалтIизе бокьулев

ТРУДОЛЮ́ БИЕ с захIмат бокьи, захIмат хиралъи, хIалтIизе бокьи

ТРУДОСПОСО́БНОСТ//Ь *ж* 1) хIалтIизе кIвей, хIалтIун бажари; **поте́ря ~и** хIалтIизе кIоларевлъун лъугьин 2) (*способность много работать*) гIемер хIалтIизе кIвей, кIвахI-свак гьечIого хIалтIизе бажари, цогидаздаса цIикIкIун хIалтIизе гьунар букIин

ТРУДОСПОСО́БН//ЫЙ, -ая, -ое хIалтIизе кIолеб, хIалтIун бажарулеб; **~ое населе́ние** хIалтIун бажарулел гIадамал

ТРУДОУСТРО́ЙСТВО *с* хIалтIуде тIами, хIалтIудалъун хьезари

ТРУДЯ́Щ//ИЙСЯ, -аяся, -ееся **1.** хIалтIулеб, гьавудулеб, захIмат баччулеб; **~иеся ма́ссы** захIматхалкъ **2.** *в знач. сущ.* **~ийся** захIматчи

ТРУ́ ЖЕНИК *м* 1) захIматчи 2) (*работник чего-л.) сундулниги* хIалтIухъан

ТРУ́ ЖЕНИЦА *ж* захIматчIужу

ТРУНИ́ТЬ *несов. над кем-чем и без доп., разг.* махсара гьабизе, махсараде кквезе (*кепалъе*), *лъиениги* релъизесеб жо гьабизе, валъаргъине

ТРУП *м* жаназа (*чиясул*), балкан (*хIайваналъул*)

ТРУ́ППНЫЙ, -ая, ое: **~ за́пах** жаназаялъул махI, балканалъул махI

ТРУ́ППА *ж* труппа (*цо театралъул, циркалъул артистазул къокъа*)

ТРУС *м* хIинкъуч, цIукIа, гIанкIиракI

ТРУ́ СИКИ *мн.* трусикал

ТРУ́СИТЬ *несов. перед кем-чем и без доп.* хIинкъизе, хIинкъун сородизе; **~ пе́ред опа́сностью** балагъалда цере сородизе

ТРУСИ́ТЬ[1] *несов. что разг.* кIутIизе; **~ муку́ из мешка́** кьандалъоялъуса ханжу кIутIизе

ТРУСИ́ //ТЬ[2] *несов. разг. (бежать рысцой*) гьелизе, рисуялда ине; **ло́шадь ~т по доро́ге** чу нухдасан гьелулеб буго

ТРУСИ́ ХА *ж* хIинкъуч (*чIужугIадан*)

ТРУСЛИ́ВОСТЬ *ж* хехго хIинкъи, цIукIалъи, жаниб даци гьечIолъи

ТРУСЛИ́ ВЫЙ, -ая, -ое хIинкъараб, цIукIаяб; **~ челове́к** цIукIамахIав чи; **~ взгля́д** хIинкъараб балагъи

ТРУ́ СОСТЬ *ж* хIинкъи, цIукIалъи, жаниб даци гьечIолъи

ТРУСЦ//А́ *ж разг.* хIинцаб гьели; **бежа́ть ~о́й** хIинцго гьелизе

ТРУСЫ́ *мн. см.* **тру́сики**

ТРУ(СЬ), трёшь(ся) *и т.д. наст. от* **тере́ть(ся)**

ТРУТ *м* сакI (*цIа гIезе хIалтIизабулеб*)

ТРУ́Т//ЕНЬ *м* 1) (*самец пчелы*) бихьин на, чIукIна 2) *перен. (дармоед)* чIукIна, кIухIалав чи, чиядалъун бетIербахъи гьабулев чи; **жить ~нем** чиядалъун бетIербахъи гьабизе, чIукIналъун вукIине

ТРУХ//А́ *ж* ричIчIи́; **преврати́ться в ~у́** ричIчIи лъугьине 2) *перен. разг.* гвадар (*чиясул хIакъалъулъ*)

ТРУХЛЯ́ВЫЙ, -ая, -ое тураб, гвадар лъугьараб, турун борт-бортун иналде ккараб

ТРУЩО́Б//А *ж* нух бахъизе захIматаб бакI; **лесны́е ~ы** рохьоб нух бахъизе захIматал бакIал 2) *(захолустье)* рагIалда бугеб язихъаб бакI (*шагьаралъул*), рикIкIадаб бакI, гванзухъбакI; **городски́е ~ы** шагьаралъул рагIалда ругел язихъал бакIал

ТРЮК *м* 1) (*прием*) трюк, гьунар; **акробати́ческий** ~ гIодопалугьанасул гьунар 2) (*вероломный поступок*) хIиллаяб кIичI, хIиллаяб иш

ТРЮМ *м мор.* трюм (*гамил къайи лъолеб бакI, гамил чехь*)

ТРЮМО́ *с нескл.* трюмо (*кIудияб цого матIу*)

ТРЮ́ ФЕЛ//Ь *м* 1) (*гриб*) трюфель (*кваназе бегьулеб гургинаб гIурдахIан*) 2) *мн.* **~и** (*конфеты)* шоколад конфетал (*гургинал*)

ТРЯ́ПК//А *ж* чIорто, кулъун, магъакь; **полова́я ~а** чIабар бацIцIунеб чIорто 2) *мн.* **~и** *разг. (наряды)* парта-магIал (*батIи-батIияб руччабазул ретIел*) 3) *перен. разг. (о человеке)* магъакь, чIорто

ТРЯПЬЁ *с. собир.* магъакь-кIачар; багьараб, хIулараб ретIелкун

ТРЯСИ́НА *ж* хIор букIараб бакIалда лъугьараб хьуцI; хьуцIил рекIкIаб (*гъорлъе цIаялда хIинкъи бугеб*) бакI

ТРЯ́ СК//А *ж* 1) (*по гл.* **трясти́**) кIобокIизаби 2) (*по гл.* **тряс-ти́ сь**) тIуртIуди, сороди, хьвагIей, чIучIади

ТРЯ́СК//ИЙ, -ая, -ое хьвагIезарулеб, кIорокIизарулеб, чIучIадизарулеб, щванкIезарулеб; **~ая теле́га** хьвагIезарулеб гьоко; **~ая доро́га** кIорокIизарулеб нух

ТРЯС//ТИ́ *несов.* 1) *кого-что* хьвагIезабизе, кIобокIизабизе, чIучIадизабизе; **не ~и́ стол** стол хьвагIезабуге; **~ти́ за плечо́** гъежги ккун кIовокIизавизе; **~ти́ ру́ку** *кому-л. лъилниги* квер кIобокIизабизе (*бачараб квер*) 2) *что (встряхивать*) кIутIизе; **~ти́ ковёр** халича кIутIизе 3) *что (плоды)* гьинабизе; **~ти́ я́блоки** гIеч гьинабизе 4) *что (вытряхивать)* кIобокIизе, кIутIизе; **~ти́ муку́ из мешка́** къандалъоялъуса ханжу кIутIизе 5) *кого-что и без доп. (при езде)* хьвагIезаризе, кIорокIизаризе, чIучIадизаризе, щванкIезаризе; **теле́га ~ёт** гьакица хьвагIезарулел руго 6) *чем* хьвагIезабизе; **~ти́ хвосто́м** рачI хьвагIезабизе 7) *кого-что (вызывать дрожь)* гъаргъар щвезабизе, сорозавизе; **его́ ~ёт лихора́дка** бакъул унтиялъ сорозавулев вуго дов 8) *что (ворошить)* багъаризабизе; **~ти́ се́но** бакъвараб хер бегизе, багъаризабизе

ТРЯСТИ́СЬ *несов.* 1) (*качаться*) хьвагIезе; **дере́вья трясу́тся от ве́тра** гьороца гьутIби хьвагIолел руго; **~ на теле́ге** гьакитIа хьвагIезе 2) (*испытывать дрожь*) сородизе, гъаргъар щвезе; **~ от хо́лода** квачан сородизе 3) *перед кем-чем и без доп. перен. разг. (бояться)* хIинкъун сородизе 4) *за кого-что перен. разг. (беспокоиться) лъиданиги-сунданиги* гурхIун, рахIат хун, сородизе 6) *над чем перен. (беречь)* тIуртIудулаго цIунизе; **~ над ка́ждой копе́йкой** щибаб капекалда (*хадув*) тIуртIудизе

ТРЯХНУ́ТЬ *однокр. к* **трясти́** ◊ **~ старино́й** гIолохъанаб заман ракIалде щвезабизе

ТСС *межд.* шшш

ТУ *вин. п. от* **та**

ТУАЛЕ́Т *м* 1) (*одежда*) ретIел, партал; **роско́шный** ~ чIухIараб ретIел 2) (*одевание и т.п.)* къачIади 3) (*столик с зеркалом*) матIуги бугеб гьитIинаб стол 4) (*уборная*) хIажатхана

ТУАЛЕ́ТН//ЫЙ, -ая, -ое гьумер чурулеб (*о мыле*); **~ое мы́ло** гьумер чурулеб сапун; **~ая бума́га** бацIцIине хIалтIизабулеб кагъат, хIажатханаялъул кагъат; **~ое зе́ркало** къачIадизе цере чIолеб матIу; **~ый сто́лик** къачIадизе хIажалъулеб жо тIад лъолеб гьитIинаб стол

ТУ́БА *ж* 1) *муз.* туба (*пун гьаракь бахъунел пахьул гьетIакIичIарал трубкабаздасан гIуцIараб алат*) 2) *спец. (вазелин ва гь.ц. жаниб бугеб*) трубка, тюбик

ТУБЕРКУЛЁЗ *м мед.* туберкулез, чехотка, гьуърузул унти

ТУБЕРКУЛЁЗНЫЙ, -ая, -ое 1) туберкулезалъул, туберкулезалъ унтаразул; **~ санато́рий** туберкулезалъ унтаразул санаторий 2) *в знач. сущ. ~ м* туберкулезалъ унтарав, чехотка ккарав

ТУВИ́ НЕЦ *м* тувинав

ТУВИ́ НКА *ж* тувинай

ТУВИ́НСКИЙ, -ая, -ое тувиназул; **~ язы́к** тувиназул мацI (тувин мацI)

ТУВИ́ НЦЫ *мн.* тувинал

ТУ́ГО 1. *нареч. (плотно, крепко*) бугIун, тункун; **~ наби́ть мешо́к** къандалъо бугIун цIезабизе **2**. *безл. в знач. сказ. разг.* захIматго (ине) (*с трудом*); квешго букIине (*плохо*); **де́ло продви́га́ется** ~ иш захIматго унеб буго; **с деньга́ми у него́** ~ гIарцул рахъ квешго буго досул ◊ **~на́туго** дугъдазабун; **~на́туго затяну́ть реме́нь** рачел дугъдазабизе (дугъдазабун борчине, къазе)

ТУГОДУ́ М *м разг.* гIакълу хIинцав чи, хехго жо бичIчIуларев, нахъгIунтIуларев чи

ТУГ//О́Й, -ая, -ое 1) дугъдараб, къвакIараб; **~а́я пружи́на** къвакIараб пружина 2) (*плотно набитый*) бугIун цIезабураб; **~ой мешо́к** бугIун цIезабураб къандалъо ◊ **~о́й на́ ухо** гIинтIа бакIав

ТУГОПЛА́ВКИЙ, -ая, -ое биине захIматаб; **~ мета́лл** биине захIматаб, кутакаб багIариялъ гурони биунареб металл

ТУГОУ́ХИЙ, -ая, -ое гIинтIа бакIав; **~ челове́к** гIинтIа бакIав чи

ТУ́ ГРИК *м* тугрик (*Монголиялъул гIарцул единица*)

ТУДА́ *нареч.* добе, дове, дое, доре; доб рахъалде; **иди́ те ~** доре а; **~ и обра́тно** добеги нахъеги; **биле́т ~ и обра́тно** добеги нахъеги билет ◊ **и он ~ же!** гьавги дозухъего хIазе вахъун вуго! **ни ~ ни сюда** я добе гуро, я анибе гуро; **~ ему́ и доро́га** рекъараб ккана досие, рекъонго

ТУДА́-СЮДА́ *нареч.* **1.** (*в разные стороны*) добеги гьанибеги, доре-гьанире **2**. *в знач. сказ. разг. (так себе, сносно) (гьебни*) кин букIаниги, бегьила

ТУЖИ́ТЬ *несов. по ком-чем, о ком-чем и без доп.* ургъел чIвазе, къварилъизе, рахIат хвезе, пашманлъизе

ТУЖИ́ТЬСЯ *несов. разг.* хIал базе, къуват кьезе

ТУЖУ́ [1], **ту́жишь** *и т.д. наст. от* **тужи́ ть**

ТУЖУ́ [2], **тузи́ шь** *и т.д. наст. от* **тузи́ ть**

ТУЖУ́ РКА *ж* куртка (пинжак) (*кIиябго рахъалде рахалеб*)

ТУ́ ЖЕ *сравн. ст. к* **тугóй** *и* **ту́го**

ТУЗ *м* 1) туз; **бубно́вый** ~ кирпичазул туз; **ходи́ ть с ~а** туз кьезе, тузалдасан ине 2) *перен.* туз (*тIадегIанаб хъулухъалъул игIтибар бугев чи*)

ТУЗЕ́МЕЦ *м* (*нахъе ккараб*) бакIалъул чи (*апараг гурев*), аслияв чи (*мина-мулкгун гьенив чIарав, гьенив гIурав, вижарав*)

ТУЗЕ́МКА *ж женск. к* **тузе́мец**

ТУЗЕ́МН//ЫЙ, -ая, -ое гьеб бакIалъул, аслияб; **~ое населе́ние** аслияб халкъ, гьеб бакIалда бижараб, гIураб халкъ

ТУЗИ́ ТЬ *несов. кого разг.* кьабизе, вухизе, вакине, вазине

ТУК *м с.-х.* тук (*минералияб ракь беэн гьабулеб жо*)

ТУК-ТУК *межд. разг.* тIинкъ-тIванкъ, кIутI-кIутI

ТУ́КОВ//ЫЙ, -ая,-ое тукалъул; тук щвазе хIалтIизабулеб; **~ая промы́шленность** тукалъул промышленность

ТУ́ ЛИЙ *м* тулий (*хим. элемент*)

ТУ́ЛОВИЩЕ *с* къаркъала (*гIадамасул яги хIайванал*ъул), къали (*бохдул, гъуждул ва бетIер гьечIого*)

ТУЛУ́ П *м* тIимугъ, кIач, сагула

ТУ́ЛЬЯ *ж* тIох (*тIогърол, шляпаялъул, фуражкаялъул*)

ТУМА́К *м прост.* зар бай, зар кьаби; **надава́ть ~о́в** *кому-л. лъиданиги* зарал щве-щвезаризе

ТУМА́Н *м* накIкI, гIодонакIкI, русулнакIкI; **на дворе́** ~ къватIиб гIодонакIкI лъун буго; **~ рассе́ялся** русулнакIкI тIаса босун (биххун) ана ◊ **напусти́ть ~у** бичIчIулареблъун, хадур гъолареблъун гьабизе; **~ в голове́** бетIер ахцан буго, бакIлъун буго, пикру гьабизе кIолеб гьечIо

ТУМА́Н//ИТЬ *несов. что* 1) (*делать невидимым*) бахчизабизе, бецI гьабизе, бацизабизе *(хIуруца, кIкIуялъ ва гь. ц.),* хьухьазабизе; **дым ~ит даль** кIкIуйдуца бахчун буго рикIкIалъи 2) *перен. (взгляд, глаза*) бацизе; **слёзы ~ят глаза́** магIица берал рациза-рулел руго 3) *перен. (сознание и т. п.)* гIакълу босизе, бетIер сверизабизе; **вино́ ~ит го́лову** чагъиралъ бетIер сверизабулеб буго

ТУМА́НИТЬСЯ *несов.* 1) (*застилаться туманом*) накIкI лъезе, накIкIуца бацизе, тIупун накIкI лъезе 2) (*о глазах, взгляде*) хьухьазе 3) *перен. (о сознании и т. п.*) гIакълу босун ине, бетIер сверизе, канлъи босизе

ТУМА́ННОСТЬ *ж* 1) (*скопление тумана*) накIкIазул гу́ри, цойиде буссараб накIкI 2) *астр.* цIвабзазда гьоркьосеб газалъул ва хIурул галактикаялда жанир кенчIолел яги бецIго рихьулел накIкIал3) *перен. (неясность)* бецIлъи; бичIчIунгутIи, баянлъи гьечIолъи

ТУМА́НН//ЫЙ, -ая, -ое 1) накIкIул; **~ая полоса́** накIкIул мухъ, чIва 2) накIкI лъураб, накIкIуца бацараб; **~ое у́тро** накIкI лъураб радалгIуж; **~ые очерта́ния гор** накIкIулъан рихьулел мугIрузул сипатал 3) *перен. (неясный)* бичIчIулареб, баянлъи гьечIеб, бецIаб; **~ая фра́за** бичIчIулареб калам 4) *перен. (о глазах, взгляде*) нур сараб; свакалъ пардав бигъараб, хьухьараб

ТУ́МБА *ж* 1) (*столбик*) *нухлул рагIалда* тIуцаб бицатаб хIуби 2) (*подставка*) тумба (*сунданиги гъоркь лъолеб бакI*) 3) *перен. разг.* хIехь, хIехьмахIав чи; вицатав, вагъарун вахъунарев чи

ТУ́ МБОЧКА *ж уменьш. от* **ту́мба; ту́мбочка** (тIуцаб, гьитIикаб шкаф)

ТУНГУ́ С *м см.* **эве́нк**

ТУНГУ́ СКА *ж см.* **эвенки́ йка**

ТУНГУ́ ССКИЙ, -ая, -ое *см.* **эвенки́ йский**

ТУНГУ́ СЫ *мн. см.* **эвенки́ йцы**

ТУ́ НДРА *ж* тундра (*гIисинаб гурони гъветI-хер бижуларел полюсалде гIагарал авлахъал*)

ТУНЕЯ́ ДЕЦ *м* чIукIна

ТУНЕЯ́ ДСТВО *с* чIукIначилъи

ТУННЕ́Л//Ь *м* туннель (*ракьулъан гIанлъун гьабураб нух*); **го́рный ~ь** мегIер гIанлъун гьабураб туннель

ТУПЕ́ТЬ *несов.* тIехIине, рекIен свине, бал хвезе

ТУПИ́ К *м* 1) тупик (*тIокIаб добехун ине нух гьечIеб къватI*) 2) *ж.-д.* тупик (*запасалда поездал, вагонал чIезе гьабураб, тIокIаб добехун унареб маххул нух*) ◊ **поста́вить** *кого-л.* **в ~** рес къотIараб хIалалде ккезавизе; **стать в ~** рес къотIараб хIалалде ккезе; вихха-хочизе, гьабизе жо лъаларого, хутIизе

ТУПИ́ТЬ *несов. что* тIехIинабизе, рекIен хвезабизе, свинабизе, бал хвезабизе; **~ нож** носол рекIен свинабизе

ТУП//И́ ТЬСЯ *несов.* тIехIине, рекIен хвезе, свине, бал хвезе; **но́жницы ~ятся** кIвекьмаххалъул рекIен хола, суна

ТУПИ́ЦА *м, ж разг.* лъавукъ, бугIаниги эхебе жо унарев, бакIав, бичIчIи гьечIев чи; хIехь, хIехьдан

ТУПОГОЛО́ВЫЙ, -ая, -ое *разг.* бугIаниги эхебе жо унарев, бакIав, бичIчIи гьечIев, ботIрокъав

ТУП//О́Й, -ая, -ое 1) (*не острый*) тIехIараб, свараб, бал хвараб; **~о́й нож** свараб, бал хвараб нус 2) тIехIараб, гургинаб; **~о́й коне́ц яйца́** ханил гургинаб рахъ; **ту́фли с ~ы́ ми носа́ми** цереса гургинал туфлаби 3) *перен. (бессмысленный*) магIна гьечIеб, бичIчIулареб 4) *перен. (ограниченный*) лебаллъи гьечIеб, пагьму гьечIеб; **~о́й челове́к** пагьму гьечIев чи 5) *перен. (о боли и т. п.*) хIал гьабулареб, бухIи гьечIеб (*унти*) ◊ **~о́й у́гол** *мат.* тIехIараб бокIон

ТУПОКОНЕ́ЧНЫЙ, -ая, -ое тIогъ тIехIараб (тIогъиса бицатаб)

ТУПОНО́СЫЙ, -ая,-ое 1) (*о живых существах*) гозо гIебаб, мегIер бицатаб 2) (*о предметах*) цебеса гIебаб, гургинаб

ТУ́ПОСТЬ *ж* 1) (*бессмысленность*) квартIамахIлъи, магIна гьечIолъи; **~ взгля́ да** магIна гьечIеб балагьи 2) (*ограниченность*) лъавукълъи, бичIчIунгутIи, лебаллъи гьечIолъи, пагьму гьечIолъи, хIинцлъи; **~ ума́** гIакълуялъул хIинцлъи

ТУПОУГО́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое *мат.* бокIон тIехIараб; **~ треуго́льник** бокIон тIехIараб лъабокIон

ТУПОУ́МИЕ *с* ахIмаклъи, жо бичIчIунгутIи; гIакълу гьечIолъи, гIакълуялъулъ мукъсанлъи, гIакълуялъул хIинцлъи

ТУПОУ́МНЫЙ, -ая, -ое ахIмакъаб, жо бичIчIулареб, гIакълу гьечIеб, гIаклъуялъулъ мукъсанаб, хIинцаб гIакълуялъул

ТУР[1] *м* 1) (*круг танца*) цо свери (*кьурдул*); **~ ва́льса** вальсалъул цо свери 2) (*этап*) тур; **второ́й ~ ша́хматного турни́ра** шахматазул турниралъул кIиабилеб тур 3): **вы́боры в два ~а** кIиго туралда тIоритIулел рищиял

ТУР[2] *м (горный козел)* бис

ТУРА́ *ж шахм. см.* **ладья́**

ТУРБА́ЗА *ж* турбаза (*туристазул база*)

ТУРБИ́НА *ж* турбина (*хIухьлаца, газалъ, лъадал чвахиялъ раква хченезабун хIалтIулеб двигатель*)

ТУРБИ́НН//ЫЙ, -ая, -ое турбинаялъул, турбинабазул; **~ое отделе́ние** турбинабазул (турбинаби лъураб) рукъ

ТУРБОБУ́Р *м* турбобур (*газил, нартил буругъал рорлъизе хIалтIизабулеб алат*)

ТУРБОВИНТОВО́Й, -ая, -ое турбинаялъ раква хченезабулеб; **~ самолёт** турбинаялъ раква хченезабулеб самолёт

ТУРБОГЕНЕРА́ТОР *м* турбогенератор (*турбинаялъ хIалтIизабулеб электрикияб генератор*)

ТУРБОРАКЕ́ТН//ЫЙ, -ая, -ое турборакетнияб; **~ые дви́гатели** турборакетниял двигателал (моторал)

ТУРБОРЕАКТИ́ ВН//ЫЙ, -ая, -ое турбореактивияб; **~ые снаря́ ды** турбореактивиял снарядал (*гIарададул гулби*)

ТУРБОСТРОЕ́НИЕ *с* турбинаби гьари

ТУРЕ́ЦКИЙ, -ая, -ое турказул; **~ язы́ к** турк мацI

ТУРИ́ ЗМ *м* туризм (*черх лъадариялъул, бакI-халкъ лъаялъул мурадалда сапарал гьари, хIухьбахъиялъе цадахъ ин*); **го́рный ~** мугIрузулаб туризм (*мугIрузде гьабулеб сапар*)

ТУРИ́ СТ *м* турист (*сапарчи)*

ТУРИСТИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое туристазул; **~ похо́д** туристазул сапар

ТУРИ́ СТКА *ж* туристка

ТУРИ́СТСК//ИЙ, -ая, -ое туристазул; **~ая ба́за** туристазул база

ТУ́ РКИ *мн.* туркал

ТУРКМЕ́Н *м* туркменав

ТУРКМЕ́НКА *ж* туркменай

ТУРКМЕ́НСКИЙ, -ая, -ое туркменазул; **~ язы́ к** туркмен мацI

ТУРКМЕ́НЫ *мн.* туркменал

ТУРНЕ́ *с нескл.* сапар, турне; **соверши́ ть ~ по стране́** улка сверун сапар гьабизе

ТУРНЕ́ПС *м бот.* боцIуе кьолеб (боцIул) талган

ТУРНИ́К *м спорт.* турник (*гимнастикаялъе хIалтIизабулеб, эхеде кIанцIун гIунтIулеб бакIалда рекъезабураб маххул гIер*)

ТУРНИКЕ́Т *м* турникет (*иргадал, цо-цоккун жаниве чи виччаялъе квегIенаб тирулеб гъалду*)

ТУРНИ́Р *м* турнир (*киналго гIахьаллъулел ирга щвараб мехалъ цо нухалъ дандчIвалел спортивиял къецал*); **ша́хматный ~** шахматал хIаялъул турнир

ТУРНУ́ ТЬ *сов. кого прост.* нахъе гъезе, бачахъизе, нахъе ахIизе

ТУ́ РОК *м* туркав

ТУРУ́СЫ *мн.:* **разводи́ ть ~ [на колёсах]** *разг.* гьерсал рицине, хъирмал риччазе, лахIимал риччазе, гьурал риччазе, чIанда цIалкIизе

ТУРЧА́НКА *ж* туркай

ТУ́СКЛ//ЫЙ, -ая, -ое *в разн. знач.* кьерукъаб, кьер свараб; кунчIи, нур гьечIеб; **~ые о́кна** кунчIи гьечIел гордал; **~ое серебро́** кьер свараб, кунчIи гьечIеб (хвараб) гIарац; **~ые кра́ски** гвангъи гьечIел релъенал; **~ый свет** кунчIи гьечIеб канлъи; **~ ая жизнь** интерес гьечIеб, чIамучIаб гIумру

ТУСКНЕ́//ТЬ *несов.* бецIлъизе, кьер хвезе, кьерукълъизе, кьер свине; кунчIи, нур свине; гвангъи хвезе; **серебро́ ~ет** гIарцул кунчIи холеб буго 2) *перен. (меркнуть)* свине; **его́ тала́нт ~ет** досул пагьму-гьунар сунеб буго

ТУТ[1] *нареч.* 1) (*здесь*) гьаниб, гьаб бакIалда; **я пойду́, а ты подожди́** ~ дун инин, мун дихъ валагьун гьаб бакIалда чIа 2) (*в это время, в этом случае*): гьебмехалъ; **кто ~ нам помо́г?** лъица нилъее гьебмехалъ кумек гьабураб? 3) (*к тому же*) тIадежоялъе; **мне жа́рко, а ~ ещё со́лнце пали́т** дун вагIарун вуго, тIадежоялъе бакъуцаги вухIулев вуго ◊ **не ~-то бы́ ло** бокьухъе, ракIалда букIахъе ккечIо; гьелде регIараб хIал букIинчIо; **~ же** гьебса-гIатго; **~ и там** гьанибги добаги, киса-кибего; **~ как ~** цIар бахъараб-го, хIажатаб мехалъ

ТУТ[2] *м,* **тутО́вник** *м* тут, кару

ТУ́ТОВ//ЫЙ, -ая, -ое туʹтидул, карул; **~ый шелкопря́ д** туʹтидул тIамах кваналеб къазил хIутI; **~ое де́рево** тутидул гъветI, карудул гъветI

ТУФ *м* туф (*ганчIил цо тайпа*)

ТУ́ ФЛИ *мн.* (*ед.* **ту́фля** *ж*) туфлаби; **дома́шние ~** рокъор ретIунел туфлаби

ТУ́ ФОВ//ЫЙ, -ая, -ое туфалъул; туфалъул гьабураб (*къед*)

ТУ́ХЛ//ЫЙ, -ая, -ое махIцараб, бигараб; **~ое мя́ со** махIцараб гьан; **~ое яйцо́** бигараб хоно

ТУХЛЯ́ТИНА *ж разг.* 1) *собир.* махIцел 2) (*запах*) махIцалил махI

ТУ́ХН//УТЬ[1] *несов.* 1) (*гаснуть*) свине; **огóнь ~ет** цIа сунеб буго 2) *перен. (уменьшаться)* загIиплъизе, дагьлъизе, гьитIинлъизе

ТУ́ХНУТЬ[2] *несов.* (*портиться*) махIцине, бигине, махIцун хвезе

ТУ́Ч//А *ж* 1) накIкI, цIадал накIкI; **дождевы́ е ~и** цIадал накIкIал; **нéбо покры́лось ~ами** зоб накIкIаз бахчана 2) *перен. (множество)* руккел; **~и комаро́в** кIкIурузул руккелал, боял ◊ **~а ~ей** щцин гьалагльун буго; **~и густи́ лись** *над кем-чем-л. щивниги, щибниги* балагьалъукье ккана; хIинкъи буго (*сундулниги*)

ТУ́ЧКА *ж уменьш. от* **ту́ча**

ТУЧНЕ́//ТЬ *несов.* кьаралъизе, вицалъизе; **скот ~ет** боцIи кьаралъулеб буго

ТУ́ЧНОСТЬ *ж* 1) (*полнота*) кьаралъи, рицалъи 2) (*о земле*) жо бижулеблъун букIин, ччобораб букIин (*ракь*), ччоборлъи

ТУ́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*упитанный*) кьарияб, бицатаб, ччобораб; **~ый скот** кьарияб боцIи 2) (*плодородный*) жо бижулеб, чухIаб; **~ая земля́** жо бижулеб ракь, чухIаб ракь; **~ые луга́** хер гьарзаял, хер ризал мучIдул

ТУШ *м муз.* хIурматалъул, баркиялъул бакъан; **сыгра́ть ~** баркиялъул бакъан бачине

ТУ́ША *ж* къулагIи; **коро́вья ~** гIакдал къулагIи 2) *перен. разг. (о тучном человеке)* кьарач, гIакдачехь, чехькIодо

ТУШЕВА́ТЬ *несов. что* чIегIерлъизабизе; **~ рису́нок** сурат бахъулаго бакI-бакI бецI гьабизе; бихьулареб куц гьабизе

ТУШЕВА́ТЬСЯ *несов. разг. (робеть)* хIинкъизе, нахъе къазе

ТУШЕ́НИЕ[1] *с* (*по гл.* **туши́ ть**[1]) свинаби; **~ пожа́ра** цIа свинаби

ТУШЕ́НИЕ[2] *с* (*погл.* **туши́ ть**[2]) хIухьел къватIибе биччачIого жиндирго сокалъулъ белъинаби

ТУШЁНКА *ж разг.* жиндирго сокалъулъ белъинабораб гьан

ТУШЁН//ЫЙ, -ая, -ое жиндирго сокалъулъ лъим тIечIого белъинабораб; **~ое мя́ со** жиндирго сокалъулъ белъинабораб гьан

ТУШИ́ ТЬ[1] *несов. что (гасить)* свинабизе; **~ свечу́** хIедучирахъ свинабизе; **~ пожа́р** цIа свинабизе

ТУШИ́ТЬ[2] *несов. что (варить)* жиндирго сокалъулъ белъинабизе; **~ мя́ со** гьан жиндирго сокалъулъ белъинабизе

ТУ́ ШЬ *ж* тушь (чIегIераб щакъи) *(хас гьабун хIадурараб)*

ТУ́ ЕВЫЙ, -ая, -ое туядул, туядул гъветIалъул

ТУ́Я *ж бот.* туя *(кидаго гIурччинго рукIунел гIисинал тIанхал ругеб гъветI)*

ТЩА́ТЕЛЬНО *нареч.* камилго, мухIканго, тIад чIун, ргIаракьанде щун; **~ подгото́виться к уро́ку** тIад чIун дарсиде хIадурлъизе

ТЩА́ТЕЛЬНОСТЬ *ж* камиллъи, мухIканлъи, ргIа-ракьанде щвей; тIад чIун гьаби; **~ в рабо́те** хIалтIулъ мухIканлъи

ТЩА́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое камилаб, мухIканаб, ргIаракьанде щвараб, тIад чIун гьабураб; **~ая рабо́та** мухIканаб хIалтIи

ТЩЕДУ́ШНЫЙ, -ая, -ое рухIдакъаб, загIипаб, къадараб; **~ челове́к** загIипав чи

ТЩЕСЛА́ВИЕ *с* рещц-бакъ, цIар бокьи, жиндирго къадру-къимат гьабизе бокьи; гьодораб чIухIи, пахрулъи

ТЩЕСЛА́ВНЫЙ, -ая, -ое рещц-бакъ, цIар бокьулев, жиндирго къадру-къимат гьабизе бокьулев; гьодораб чIухIиялъул, пахруяв; **~ челове́к** пахруяв чи

ТЩЕ́ТНО *нареч.* гIадада, чIалгIаде, пайда гьечIого

ТЩЕ́ТНОСТЬ *ж* гIадада ккей, чIалгIаде букIин, пайда гьечIолъи; **~ по́исков** балагьи (цIех-рех) гIадада ккей

ТЩЕ́ТН//ЫЙ, -ая, -ое гIададасеб, чIалгIадесеб, пайда бахунареб; **~ые уси́ лия** гIададасеб хIалтIи (жигар бахъи)

ТЫ *мест (тебя, тебе, тобой, тобою)* мун; **идёшь ~ в кино́?** мун киноялде вилъльуневищ? **~ ви́ дишь** дуда бихьулеб буго

ТЫ́КАТЬ *несов. разг.* 1) (*вонзать*) къазабизе, чIвазе; **~ игóлку в игóльник** бухчаялда (цIалъелалда) рукIкIен чIвазе 2) *кого-что (ударять)* кьабизе; **~ кулако́м в лицо́** гьурмалъ зар кьабизе 3) *что, чем (подносить показывая*) цебе ккун бихьизабизе, учучу гьабизе 4) *что, чем (совать)* къазабизе; **поросёнок ты́ -чет нос в коры́то** болъонил тIинчIалъ хвенех росониб (хIарччиниб) къазабулеб буго 5) *перен. (постоянно напоминать*) нахъаса къотIичIого ракIалде щвезабизе, чIамучIлъизабизе ◊ **~ па́льцем** килищ тункун бихьизабизе, бичIчIизабизе (*киназдаго ргIизабун*)

ТЫ́КАТЬСЯ *несов.* 1) (*наталкиваться*) унаго *сунданиги* тIаде ккезе, тункизе 2) *разг. (суетливо метаться)* рахIат хун дорегьанире ротранхъизе

ТЫ́ КВА *ж* хъабахъ

ТЫ́ КВЕНН//ЫЙ, -ая, -ое хъабхъил; хъабхъил гьабураб; **~ые се́мечки** хъабхъихьон, хъабхъигага

ТЫЛ *м* 1) (*задняя сторона*) мугъаб рахъ, мугъзада нахъабакI 2) *воен.* тыл (*фронталъул мухъ бахун, нахъехун бугеб бакI*); **в ~** мугъзада нахъе, нахъехун рахъалде; **уда́рить в ~** мугъзада нахъа, тылалда, нахъехун рахъалда кьаби щвезабизе

ТЫЛОВ//О́Й, -а́я, -о́е тылалъул, тылалда бугеб; **~ы́е во́инские ча́сти** тылалда ругел ргъулал частал

ТЫ́ ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое нахъехунисеб, нахъехъун бугеб, мугъзада нахъа бугеб; **~ая сторона́ руки́** кверзул тIасияб рахъ, тIасаквер

ТЫН *м* чали (*гIурдузул, хъарщазул гьабураб*)

ТЫ́ СЯЧ//А *ж* 1) азарго; **не́сколько ~** чанго азарго 2) *мн.* **~и** (*множество*) аза-азар; **~и люде́й** аза-азар чи

ТЫСЯЧЕЛЕ́ТИЕ *с* 1) (*срок*) азарго сон ин, азарго сон бай 2) (*годовщина*) азарго сон тIубай, азарго сон свери

ТЫ́СЯЧН//ЫЙ, -ая, -ое **1.** 1) (*о доле*) азарил (*бутIа*) 2) (*состоящий из кого-чего-л.*) азаргоязул; **~ая толпа́** азаргоязул руккел, азарго чи вугеб руккел 3) *разг. (ценою в тысячу рублей*) азарго гъурщил багьаяб **2**. *числ.* азарабилеб; **~ый киломе́тр** азарабилеб километр

ТЫЧИ́ НКА *ж бот.* тычинка (*тIогьол хьонтIи лъугьунеб бутIа*)

ТЫ́ ЧУ, ты́ чешь *и т.д. наст. от* **ты́ кать**

ТЫ́ ЧУСЬ, ты́ чешься *и т.д. наст. от* **ты́ каться**

ТЬМА[1] *ж* 1) (*мрак*) бецIлъи; **ночна́я ~** сардил бецIлъи 2) *перен. (невежество)* бецIлъи, лъавукълъи, жагьиллъи

ТЬМА[2] *ж разг. (множество)* цIакъго гIемер, хIаталдаса ун, гIемер; **~ дел** цIакъго гIемерал ишал; **~ наро́ду** цIакъго гIемерал гIадамал, батанщинаб гIалам ◊ **~-тьму́щая** хIаталдаса ун гIемер, рикIкIун хIал кIоларе6; жули-гIалам

ТЬФУ *межд. разг.* ту

ТЮ́БИК *м* тюбик (*мазь, клей, паста ва гь.ц. жанибе гьабураб металлалъул яги пластмассаялъул гьитIинаб мащу*)

ТЮБЕТЕ́ЙКА *ж* къапа, такъия

ТЮ́ БИНГ *м тех.* тюбинг (*лъим, регьел биччаларедухъ шахтаби, туннелал тIокъине хIалтIизабулеб ункъбокIонаб хъазмил къоно*)

ТЮ́ БИНГОВЫЙ, -ая, -ое *тех.* тюбингалъул

ТЮК *м* тай, танг; **~и хло́пка** кваскасул таял

ТЮ́ ЛЕВ//ЫЙ, -ая, -ое гьинаалъул, гьинкатаналъул; **~ая занаве́ска** гьинкатаналъул пардав, гордабигъ

ТЮЛЕ́НИЙ, -ья, -ье тюленалъул, ралъдал гьойдул; **~ жир** тюленалъул нах

ТЮЛЕ́НЬ *м* 1) тюлень, ралъдал гьой 2) *перен. разг. (о неуклюжем человеке*) тантрахъ, чIаголъигьечI

ТЮЛЬ *м* гьин, гьинкатан

ТЮ́ ЛЬКА *ж* тюлька (*сельд майпаялъул гьитIинаб ччугIа*)

ТЮЛЬПА́Н *м* тюльпан (*тIегь*)

ТЮРБА́Н *м* кIудияб чалма

ТЮРЕ́МН//ЫЙ, -ая, -ое туснахъалъул; **~ое зда́ние** туснахъалъул мина (туснахърукъ); **~ый режи́ м** туснахърукъалъул низам

ТЮРЕ́МЩИК *м* 1) (*надзиратель*) туснахъалъул хъаравул, туснахъалъул хъулухъчи 2) (*угнетатель*) зулмучи, чияр эркен-лъиги демократияги чIинтIулев чи

ТЮ́РКИ *мн.* тюркал (*киналго тюрк мацIалда кIалъалел гIадамал*)

ТЮРКО́ЛОГ *м* тюркологиялъул специалист

ТЮРКОЛО́ГИЯ *ж* тюркология (*тюрказул культураялъул, мацIалъул бицунеб гIелму*)

ТЮ´РКСК//ИЙ, -ая, -ое тюрказул; **~ие языки´** тюрк мацIал

ТЮРЬМ//А́ *ж* туснахъ; **заключи´ть в ~у́** туснахъалда тIамизе, жанив лъезе

ТЮ́ТЕЛЬК//А *ж* ◊ **~а в ~у** *разг.* битIун, тIанкIиде тIанкI кколедухъ

ТЮФЯ́К *м* 1) ургу; **соло́менный ~** сумал ургу, хьутIил ургу 2) *перен. разг. (безвольный человек)* бечIак, вагъарун вахъунарев чи, чIанкIгьечI

ТЯ´ВКАТЬ *несов.* хIапдезе (*гьитIинаб гьой, таращ*)

ТЯ´ВКНУТЬ *однокр. к* **тя´вкать**

ТЯ́Г//А *ж* 1) (*тянущая сила*) цIавул къуват; **парова́я ~а** хIухьлал цIавул къуват; **механи´ческая ~а** механикияб цIавул къуват; **электри´ческая ~а** электрикияб цIавул къуват 2) *ж.-д.* поезд хадуб цIалеб машина; электровоз, паровоз ва ц. 3) (*в печи*) печалъусан кIкIуй, газ хьвади, кIкIуй цIай 4) *перен. (стремление*) гьира, рокьи, гьира-шавкъ; **~а к культу́ре** культураялде рокьи ◊ **зада́ть ~у** лъутизе, лъутун виччан тезе, хазабизе

ТЯГА́ТЬ *несов. см.* **тяну́ть**

ТЯГА́ТЬСЯ *несов. с кем-чем и без доп.* къацандизе, бох бухьине, хоно чIвазе, дагIба-къецалде лъугьине; **с ним тру́дно ~** досулгун бох бухьине захIмат букIуна

ТЯГА́Ч *м* тягач (*щибниги хадуб цIалеб машина, трактор*)

ТЯ´ГЛО *с собир.* магъало, ясахъ

ТЯ´ГЛОВЫЙ, -ая, -ое гьоко-кваряялда хурхараб; **~ скот** оцал (*гьакида ралел*)

ТЯ́ГОСТН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*трудный*) бакIаб, захIматаб; **~ый труд** бакIаб захIмат, захIматаб хIалтIи 2) (*мучительный*) ракI унтараб, лазат хвараб, лазат бахъараб; **~ое впечатле́ние** лазат бахъараб асар; **~ое молча́ние** лазат бахъараб сихIкъотIи

ТЯ́ГОСТЬ *ж* бакIлъи, захIмалъи, лазатбахъи, авара, ракIунти; **~ войны´** рагъул захIмалъи 2) *разг. (усталость)* татухвей, свак, чIунти; **~ во всем те́ле** тIолабго черх чIунтун буго ◊ **в ~** *кому-л. лъиениги* гIакъубаялъе, гIазабалъе

ТЯГОТЕ́НИ//Е *с* 1) *физ.* цIай; **земно́е ~е** ракьалъ жиндего цIай; **зако́н всеми´рного ~я** тIолабго дуниялалъ жиндего цIаялъул закон 2) (*связь*) бухьен; **экономи´ческое ~е** экономикияб бухьен 3) *перен. (влечение) сунденги* гъира, ракIцIай, гьетIи´ букIин; **~е к му́зыке** музыкаялде ракI цIай

ТЯГОТЕ́ТЬ *несов.* 1) *физ.* тIаде цIазе 2) *к кому-чему (испытывать влечение*) гъира букIине, ракI цIазе, бокьизе; **~ к нау́ке** гIелмуялде гъира букIине 3) *над кем-чем (угнетать)* инжитлъи, гIазаб-гIакъуба хIехьезе (ккезе)

ТЯГОТИ́ТЬ *несов. кого-что (быть в тягость)* лазатба-хъиялъе, балагь-гIакъубаялъе вукIине; (*обременять*) гIакъуба кьезе, лазатбахъи гьабизе (*лъиениги*)

ТЯГОТИ´ТЬСЯ *несов. кем-чем* рази гьечIолъиялъул асаралда гъоркъ вукIине, лазатбахъиялда вукIине, гIакъуба-къварилъиялда вукIине; **~ свои´м одино́чеством** жиндирго ялгъузлъиялъул (янгъизлъиялъул) гIакъуба-къварилъиялда вукIине, ялгъузлъиялдаса рази гьечIого вукIине

ТЯГУ´ЧЕСТЬ *ж* цIан бачIин

ТЯГУ́Ч//ИЙ, -ая, -ое 1) (*способный растягиваться*) цIан бачIунеб 2) (*густой и вязкий*) рекIарунеб, бакъваяб (*лъамалъи*); **~ий мёд** бакъваяб гьоцIо 3) *перен. (протяжный)* цIазабураб, халат бахъараб, хадуб бехъерхъараб; **~ая мело́дия** цIазабураб бакъан

ТЯ´ЖБ//А *ж* 1) *уст. (судебное дело)* дагIба (*судалда*) 2) *перен.* (*спор, состязание*) къец

ТЯЖЕЛЕ́ТЬ *несов.* 1) (*становиться тяжелее*) бакIлъизе 2) (*о глазах, веках*) берзул къапераби бакIлъизе, данде ине; ралагьизе, рорхизе кIоларого рукIине

ТЯЖЕЛО́ **1.** *нареч.* бакIго, бакIлъиледухъ; **~ нагру́женный автомоби´ль** бакIлъиледухъ кьайидул цIезабураб автомобиль 2) (*грузно*) бакIго; **~ ступа́ть** бакIго галаби тIамизе 4) (*трудно*) захIматго; **~ дыша́ть** захIматго хIухьел цIазе 5) (*серьезно*) захIматго; **он ~ бо́лен** дов захIматго унтун вуго **2.** *безл. в знач. сказ. кому и без доп.* захIмат букIине; **мне ~ зде́сь** дие гьаниб захIмат буго; **ему́ ~ подними́ться по ле́стнице** досие больдухъа тIаде вахине захIмат буго

ТЯЖЕЛОАТЛЕ́Т *м* тяжелоатлет (*бакIаб атлетикаялъе гьунар бугев спортсмен*)

ТЯЖЕЛОВЕ́С *м спорт.* бакIаб цIайиялъул спортсмен

ТЯЖЕЛОВЕ́СН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*тяжелый, массивный*) бакIаб, баччизе кIолареб 2) (*о зданиях*) кIудияб, бихьизе залимаб 3) (*о стиле и т. п.*) бакIаб; **~ая фра́за** бакIаб калам

ТЯЖЁЛ//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*имеющий большой вес*) бакIаб; **~ый чемода́н** бакIаб чемодан 2) ургьиб бакIаб; **~ая пи´ща** ургьиб бакIаб квен 3) (*массивный*): **с ~ым подборо́дком** гIебаб, кIудияб нилъу бугев 4) (*лишенный легкости*) тIадагьлъи гьечIеб, бакIаб; **~ые шаги´** бакIал галаби 5) (*о стиле и т. п.*) бакIаб, бичIчIизе захIматаб 6) (*трудный*) захIматаб; **~ая зада́ча** захIматаб масъала; **~ое дыха́ние** захIматго цIалеб хIухьел 7) (*затруднительный*) захIматаб; **~ые усло́вия** захIматал шартIал; **~ая жизнь** захIматаб гIумру 8) (*полный мучения*) захIматаб, гIазабаб, гIазаб-гIакъубаялъул цIураб; **~ые ро́ды** захIматго, гIакъуба бихьун лъимер гьаби 9) (*суровый*) кьварараб, гурхIел гьечIеб; **~ое наказа́ние** кьварараб тамихI; **~ый уда́р** гурхIел гьечIеб кьаби 10) (*серьёзный*) захIматаб; **~ое заболева́ние** захIматаб унти 11) (*тягостный*) лазат бахъизабулеб, бакIаб, захIматаб; **~ые мысли** бакIал пикраби 12) бакIаб, захIматаб, хIехьезе кIолареб; **у него́ ~ый хара́ктер** гьесул хIехьезе кIолареб гIамал-хасият буго ◊ **~ый день** захIматаб къо, битI гьечIеб къо; **~ый во́здух** бакIаб гьава, хIухьел цIазе захIматаб гьава; **~ый на подъём** хIинцаб, кIвахIалаб; **~ая промы´шленность** бакIаб (чIахIиял, къуватал машинаби гьарулеб) промышленность

ТЯ´ЖЕСТ//Ь *ж* 1) *физ.* бакIлъи; **си´ла ~и** бакIлъиялъул къуват 2) (*тяжелый предмет*) бакIлъи, бакIаб жо 3) (*трудность)* захIмалъи; **~ь труда́** хIалтIул захIмалъи; **~и пути´** нухлул (нухда дандчIвалел) захIмалъаби 4) (*суровость*) кьвари; **~ь наказа́ния** тамихIалъул кьвари 5) (*болезненное ощущение*) бакIлъи, унти; **~ь в голове́** бетIер бакIлъун букIин, ботIрол унти

ТЯ´ЖК//ИЙ, -ая, -ое бакIаб, захIматаб, кьварараб, кIудияб; **~ое преступле́ние** кIудияб такъсир; **~ий труд** захIматаб хIалтIи; **~ое бре́мя** бакIаб зулму, кIудияб зулму; **~ое наказа́ние** кьварараб тамихI

ТЯНУ́ТЬ *несов.* 1) *что* цIазе, бухьине; **~ кана́т** канат (квар) цIазе; **~ бельеву́ю верёвку че́рез двор** азбар къотIун гъоркьан ретIел бакъвазе балеб квар бухьине 2) *что (прокладывать)* цIазе; лъезе; **~ телефо́нную ли´нию** телефоналъул квар цIазе 3) *что (протягивать)* бегьизе (бачине); **~ ру́ку** квер бегьизе (бачине) 4) *что (изготовлять волочанием*) цIан гьабизе, тIеренго гьабизе; **~ про́волоку** (цIан) маххул квар гьабизе 5) *кого-что и без доп.* цIазе, хадуб цIазе; **парохо́д тя´нет ба́ржу** пароходалъ баржа хадуб цIалеб буго; **маши´на не тя´нет** машинаялъ цIалеб гьечIо; *~ кого-л.* **за рука́в** *щивниги*, гъежги (гвердил кьвалги) ккун, цIазе 6) *кого-что разг.* (*растить, поднимать*) гIезавизе, гIадамалъе вахъинавизе 7) *кого (помогать*) хадув цIазе, кумек гьабизе; **~ отстаю́щего ученика́** (цIалулъ) нахъе ккарав цIалдохъанасе кумек гьабизе 8) *кого-что разг. (заставлять идти, ехать*) хIалица вачине (*кивениги*); **никто́ его́ си´лой не тяну́л** дов лъицаниги хIалица вачинчIо (*гьаниве*) 9) *безл. кого-что (влечь)* рекIине, цIазе; **меня´ тя´нет ко сну́** дида макьу рекIунеб буго; **тя´нет к мо́рю** ралъдахъе цIалев вуго 10) *кого-что (вытягивать)* цIазе, цIан бахъизе, бахъизе; **~ не́вод** гьин къватIибе цIазе (*лъадалъа*) 11) *что (всасывать*) кьабизе, цIузе; **насо́с тя´нет во́ду** насосалъ лъим цIалеб буго 12) *что разг. (пить)* цIузе, гьекъезе 13) *что разг. (курить)* хъалиян цIазе, туркIизе 14) (*вымогать*) бахъизе, батIа гьабизе, кьезабизе; **~ де́ньги у отца́** инсухъа гIарац батIа гьабизе 15) (*иметь тягу*) (*кIкIуй*) цIазе; **пе́чка хорошо́ тя´нет** печалъ (кIкIуй) лъикI цIалеб буго 16) *безл. чем (дуть, веять)* пузе, бачIине; **от окна́ тя´нет хо́лодом** гордухъан квач бачIунеб буго 17) *что и без доп. (медлить)* кватIизабизе; **~ с отве́том** жаваб кватIизабизе 18) *что (растягивать слова и т. п.*) халат гьабизе, халат бахъинабизе, цIазабизе 19) *разг.* цIазе; бахъизе; **арбу́з тя´нет пять килогра́ммов** хъарпузалда щуго килограмм бахъулеб буго ◊ **~ за́ душу** гIазаб кьезе, гьакъуба кьезе; **~ за язы´к** бицинабизе; кIалъазавизе; **~ жи´лы** захIматаб хIалтIуца цIацIазавизе, тату хвезабизе, чурхъизе; **~ кани́тель** хIинцго хIалтIизе, (хIалтIулаго) заман гIадада инабизе; чIамучIаб хIалтIи гьабизе

ТЯНУ´//ТЬСЯ *несов.* 1) (*о проводах и т. п.*) цIан букIине, бачун букIине 2) (*простираться*) тIибитIизе, тIибитIун букIине; **за го́родом ~лись поля´** шагъаралда нахъехун тIиритIун рукIана хурзал 3) (*растягиваться*) цIан бачIине 4) (*потягиваться*) цIабуцIцIине 5) (*протягивать руки и т. п.*) цIазе; **де́ти тя´нутся к**

отцý лъимал инсудехун цIалел руго, лъималазул инсудехун цIай буго 6) эхеде ине; **цветóк тя́нется к свéту** тIегь канлъудехун эхеде унеб буго 7) (*стремиться*) ракI базе, гъира ккезе 8) *за кем-чем (стараться сравняться*) хадур гъезе, ращалъизе хIаракат бахъизе, нахъе ккезе чIунгутIизе; **~ться за това́рищами** гьалмагъзабазда хадур гъезе хIаракат бахъизе 9) (*двигаться один за другим*) хадур-цере ине; **по доро́ге тя́нутся обо́зы** нухдасан хадур-цере гьаказул тIелал (къокъаби) унел руго

ТЯНУ́ ЧК//А *ж* тамахаб цIан бачIунеб камит (конфета)

ТЯП: тяп–ляп *ж межд. прост.* тIаса-масаго, баха-бачун (*абураб магIнаялда*)

ТЯ́ПКА *ж* 1) чвалта, чвалтанус, буцIаро 2) хъинцIи, газа, хъерсекIо

ТЯ́ППНУТЬ *сов. прост.* 1) *кого* (*ударить*) кьабизе, кьабун биччан тезе 2) *кого-что (укусить)* хIанчIизе, ца базе 3) *что, чего и без доп. (выпить спиртного*) гьекъезе, тIваркъан бахъинабизе *(гIаракъи, чагъир)* ◊ **~ го́ря** гIазаб чIамизе, гIакъуба баччизе, гIемер къварилъи бихьизе

У

У[1] *предлог с род. п.* 1) (*около, возле*) аскIоб, цебе, хьолбохъ, ахада, хьибилалда; **у стены́** кьадада аскIоб; **сиде́ть у окна́** горда аскIов гIодов чIезе; **у подно́жия горы́** мугIрул ахалъуда; **у посте́ли больно́го** унтарасул бусада цеве 2) (*при обозначении орудия чьей-л. деятельности*) **у руля́** рулалъухъ 3) (*при обозначении обладателя*) *хаслъул падежалъул магIнаялда:* **у ка́ждого свой ум** щивасул жиндирго гIакълу; **у меня́ мно́го книг** дир гIемерал тIахьал руго 4) (*при обозначении лица или объекта, у которых что-л. происходить) жиндихъ, жиндихъа падежазул магIнаялда:* **жить у родны́х** яшав гьабун, гIагарал чагIазухъ чIезе; **иска́ть по́мощи** *у кого-л. лъихъаниги* кумек тIалаб гьабизе 5) (*при указании на источник) жиндихъа падежалъул магIнаялда:* **взять кни́ -гу у това́рища** гьалмагъасухъа тIехь босизе 6) (*при обозначении части чего-л.*) *хаслъул падежалъул магIнаялда:* **у э́того сту́ла одна́ но́жка сло́мана** гьаб бакIил цо бох бекун буго

У[2] *межд.* 1) (*выражает страх, испуг*) вай; **у, как стра́шно!** вай, дун хIинкъулев вуго! 2) (*выражает укоризну, угрозу, негодование*) гIай; **у, прокля́тый!** гIай, нагIанабатад! 3) (*выражает удивление*) вай, вабабай, валалай; **у, как здесь хорошо́!** вабабай, гьаниб бугеб лъикI!

У- *батIи-батIияб магIна кьолеб приставка*: 1) (*направление движения в сторону*) *цо рахъалде иналъул магIнаялда, масала;* **угна́ть** цебе къотIун, бачине; **улете́ть** боржун ине 2) (*направление движения внутрь чего-л.) сунданиги жаниб магIнаялда, масала*: **умести́ ть** гьинабизе; **уложи́ ть** лъезе 3) (*покрыть что-л. со всех сторон) кинабго рахъалдасан бацизабиялъул магIнаялда, масала:* **усы́ пать** тIаде щвазе 4) (*убавление, сокращение чего-л.*) *дагьлъизаби, гьитIинлъизаби, тIаса ин магIнаялда, масала:* **усе́чь** тIаса къотIизе, **уба́вить** дагьлъизабизе, камизабизе 5) (*достижения чего-л.*) *мурадалде щвей магIнаялда, масала*: **уговори́ ть** разилъизавизе, **устро́ить** гIуцIизе, гьабизе

УБА́ВИТЬ *сов.* 1) *что кого-чего* дагьлъизабизе, камизабизе, гьитIинлъизабизе (*уменьшить*); къокълъизабизе (*укоротить*); **~ ско́рость** хехлъи дагьлъизабизе 2) *что (величину, силу и т. д.*) мукъсанлъизабизе, гIодобе бачине, къокълъизабизе; **~ це́ну** багьа гIодобе бачине; **~ длину́** халалъи къокъ гьабизе 3) *в чём, разг.* **~ в ве́се** *жиндирго* цIайи дагь гьабизе, хIалакълъизе

УБА́ВИ//ТЬСЯ *сов.* гьитIинлъизе, камизе (*в объеме*); дагьлъизе, хIинцлъизе (*о скорости*); къокълъизе (*стать короче*); тIадагьлъизе (*стать легче*); **вода́ в о́зере ~лась** хIориниб лъим дагьлъана; **дни ~лись** къоял къокълъана

УБА́ВКА *ж* **1.** (*по гл.* **уба́вить**) дагьлъизаби, камизаби, гьитIинлъизаби, къокълъизаби, мукъсанлъизаби, гIодобе бачин, тIадагьлъизаби **2**. (*по гл.* **уба́виться**) дагьлъи, ками, гьитIинлъи, къокълъи, мукъсанлъи, гIодобе бачин, тIадагьлъи, хIинцлъи

УБАВЛЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **уба́вить(ся)**

УБАЮ́КАТЬ *сов. кого* 1) аххбачине; **~ ребёнка** лъимадуе аххбачине 2) *перен. (заставить бездействовать*) гъапуллъизавизе, тохлъизавизе, берцинаб мацI бицун чIезавизе

УБАЮ́ КИВАТЬ *несов. см.* **убаю́ кать**

УБЕГА́ТЬ *несов.* 1) *см.* **убежа́ть**; 2) (*быстро удаляться*) цевеса тIерхьине, тIурун ун цевеса тIагIине 3) (*простираться*) рикIкIаде щвезегIан тIибитIун букIине *(гIебеде, эхеде)*

УБЕГА́ТЬСЯ *сов. разг.* векерун сваказе, гIемер векерахъдиялъ тату хвезе

УБЕДИ́ ТЕЛЬНО *нареч.* 1) (*доказательно*) ракI чIун; **~ говори́ть** ракI чIун кIалъазе, бицине 2) (*настоятельно*) цIакъ, кутакалда тIад чIун; **~ прошу́** цIакъ гьарула *(дуда)*

УБЕДИ́ ТЕЛЬНОСТЬ *ж* ракIчIей; **~ вы́ вода** хIасил ракI чIараб букIин

УБЕДИ́ ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*доказательный*) ракI чIезабулеб **~ый приме́р** ракI чIезабулеб мисал 2) (*настоятельный*) кутакаб, тIад чIараб; **~ая про́сьба** кутакаб гьари

УБЕДИ́ТЬ *сов. кого* 1) *в чем (заставить поверить)* ракI чIезабизе, божизавизе; *~ кого-л.* **в своéй правоте́** живго витIарав вукIиналда *лъилниги* ракI чIезабизе 2) *с неопр. (уговорить)* мукIур гьавизе; **~ оста́ться здесь** гьанив чIезе мукIур гьавизе

УБЕДИ́ //ТЬСЯ *сов. в чем* ракI чIезе, божизе; **~ться на о́пыте** хIалбихьиялдалъун ракI чIезе; **я ~лся в его́ и́скренности** досул ракIбацIцIалъиялда дун божана

УБЕЖА́//ТЬ *сов.* 1) лъутизе, тIуризе, лъутун ине, тIурун ине; **он ~л, не сказа́в ни сло́ва** цо ргIицин абичIого лъутун ана дов 2) (*совершить побег*) (*кисаниги*) лъутизе 3) *разг. (о кипящей жидкости*) тIасан бачIине; **молоко́ ~ло** рахь тIасан бачIана

УБЕЖДА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **убеди́ ть(ся)**

УБЕЖДЕ́НИ//Е *с* **1.** (*по гл.* **убеди́ ть**) ракI чIезаби, божизави **2**. (*по гл.* **убеди́ ться**) ракIчIей, божи **3**. (*твердое мнение*) хисулареб, кьуруларе6, ракI чIараб пикру; **стоя́ ть на свои́ х ~ях** жиндирго хисулареl, кьурулареl пикраби ккун чIезе

УБЕЖДЁННО *нареч.* ракI чIун; **говорить** ~ ракI чIун кIалъазе, бицине

УБЕЖДЁННОСТЬ *ж* ракIчIей, божи; **его́ выступле́ние отлича́лось ~ю** досул цевевахъин (ракIчIеялъ батIа бахъулеб букIана) ракI чIараб букIана; **~ в своéй правоте́** живго витIун вукIиналда ракI чIей

УБЕЖДЁННЫЙ, -ая, -ое 1) (*уверенный в чём-либо*) ракI чIараб, божараб; **я в э́ том соверше́нно убеждён** гьелда дир тIубанго ракI чIола 2) (*непоколебимый*) кIвакIараб, кIуркъуларе6 бербалагьи бугеб, ракI чIараб пикру бугеб; **~ после́дователь материали́з-ма** ракI чIарав (божулев) материализмалъул рахъ ккурав чи (божун, ракI чIун материализмалда хадув вилъцIунев чи)

УБЕ́ЖИЩ//Е *с* 1) (*место, где можно укрыться*) рахчизе бегьулеб бакI 2) *воен. (укрытие*) убежище (*рахчизе хас гьабун бараб бакI*) 3) *юр. жиндирго улкаялдаса тIурун* вахчараб бакI

УБЕЛИ́ ТЬ *сов. кого-что* тIубанго хIахIлъизабизе ◊ **убелённый седино́й (седи́нами)** тIубанго рас хIахIлъарав; хIахIрасалъ бацараб

УБЕЛЯ́ ТЬ *несов. см.* **убели́ ть**

УБЕРЕГА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **убере́чь(ся)**

УБЕРЕ́ЧЬ *сов. кого-что от чего* цIунизе; **~ ребёнка от просту́ды** лъимер квач хъваялдаса цIунизе

УБЕРЕ́ЧЬСЯ *сов. от чего разг.* живго цIунизе, цIуна-къан вукIине; **~ от волне́ний** хIал бачIиналдаса, рахIатхвеялдаса живго цIунизе

УБИВА́ТЬ *несов. см.* **уби́ ть**

УБИВА́ТЬСЯ *несов. о ком, о чем, по кому, по чему разг.* 1) *см.* **уби́ться** 2) (*сильно горевать*) гьалагIъизе, гьабулеб жоялде вачIиналдаса ине (*масала, гIагарав чи хвараб мехалъ*); кIудияб къварилъи хIехьезе ккезе

УБИ́ЙСТВЕННЫЙ, -ая, -ое 1) (*смертоносный*) хвалилаб, хвел босун бачIунеб 2) *перен. разг. (чрезвычайный*) гьалагаб, кутакаб, гIорхъолъа борчIараб, гIасияб; **~ ве́тер** гIасияб гьалагаб гьури 3) *перен. (вредный, губительный)* квешаб, заралаб, лазат бахъараб; **~ый результа́т** цIакъ квешаб хIасил

УБИ́ ЙСТВО *с* чIвай, чIвай-хъвей; **соверши́ ть** ~ (чи) чIвазе

УБИ́ ЙЦА *м, ж* чи чIварав чи яги чIужугIадан, чIвадарухъан, бидулав, бидулай

УБИРА́ТЬ *несов. см.* **убра́ть**

УБИРА́//ТЬСЯ *несов.* 1) *см.* **убра́ться** 2) :**~йся вон!** яре! тIагIа цевеса!

УБИ́Т//ЫЙ, -ая, -ое **1.** *прич.* чIвараб, чIван хвараб; **~ый мо́лнией** пириялъ чIван хварав **2**. *прил. (подавленный*) ургъалабаз чIварав, дуниял тIаде бегарав; **~ый вид** дуниял тIаде бегарасул гIадаб куц-бегI **3**. *в знач. сущ.* **~ый** *м* чIварав *(чи);* **спи́сок ~ых** чIваразул сияхI ◊ **спит как ~ый** хварав чи гIадин кьижун вуго

УБИ́ //ТЬ *сов.* 1) *кого* чIвазе; **~ть во́лка** бацI чIвазе 2) *что перен.* чIвазе, хвезабизе, къинабизе, къотIизабизе; **~ть наде́жду** хьул къотIизабизе 3) ракI чIунтизабизе, квешго ракI унтизабизе; **э́то изве́стие его́ ~ло** гьеб хабаралъ досул квешго ракI унтизабуна (чIван рехана) 4) *что перен. разг.* чIвазе, харж гьабизе, хвезабизе, гIадада инабизе; **~ть вре́мя** заман гIадада инабизе, заман чIвазе 5) *карт.* чIвазе ◊ **~ть двух за́йцев** цо речIчIаралъ кIиго чIвазе (*цого заманалда кIиго иш гьабизе, кIиго батIияб мурадалде щвезе*)

УБО́Г//ИЙ, -ая, -ое 1) (*с увечьем*) гIайибав, гIажизав; **~ий челове́к** гIажизав чи 2) (*жалкий, нищенский*) мискинаб (язихъаб); **~ое жили́ ще** мискинаб рукъ

УБО́ЖЕСТВО *с* 1) *(физический недостаток)* гIайиблъи, гIажизлъи 2) *перен.* (*нищета*) мисикнлъи, гъарзикълъи, язихълъи 3) (*ничтожность*) загIиплъи, пайда гьечIолъи; **~ мы́сли** пикруялъул загIиплъи

УБО́Й *м* хвей, хвехъи, хвехъари; **~ скота́** боцIи хьвехъи ◊ **корми́ть как на ~** мачIадалъе гIадин хьихьизе; кутакалда лъикI хьихьизе

УБИ́ ТЬСЯ *сов. разг.* 1) (*разбиться насмерть*) *сунданиги* речIчIун хвезе 2) *прост. (сильно ушибиться)* кутакалда тункизе (*гIодов ккараб мехалъ*)

УБЛАЖА́ТЬ *несов. см.* **ублажи́ ть**

УБЛАЖИ́ ТЬ *сов. кого разг.* вез-вешедун рази гьавизе, вохизавизе

УБО́ЙНЫЙ, -ая, -ое 1) хъвезе бугеб, хъвезе тараб, мачIадалъе хьихьараб; **~ скот** хъвезе тараб боцIи 2) *воен.* щущазабулеб, кутакаб къуваталъул ◊ **~ вес** гьанал бацIацIадаб цIайи (*тIом, хIетI-бетIер ва ургьимес гъорлъе бачинчIого*)

УБО́Р *м* 1) ретIел; **сва́дебный ~** бахIаралъул (бертадул) ретIел 2) *перен:* **осе́нний ~ ле́са** хаслихъе рохьоб гъутIбузул тIамах(рохьил хаслихъеретIел) ◊ **головно́й ~** бетIералда лъолеб ва къалебщинаб жо (*тIагъур, кIаз, шляпа ва гь. ц.*)

УБО́РИСТО *нареч.* цоцалъ гъункун; **~ писа́ть** цоцалъ гъункун, гьоркьоб дагьаб бакIги тун хъвазе

УБО́РИСТЫЙ, -ая, -ое цоцалъ гъункараб; **~ по́черк** цоцалъ гъункараб хатI

УБО́РКА *ж* (*по гл.* **убра́ть**) бакIари, бакIа-бахари, бацIцIабаки, къачIа-кIатIай

УБО́РНАЯ *ж* 1) (*театральная*) ретIел ретIунеб, къачIадулеб рукъ 2) (*туалет*) хIажатхана

УБО́РОЧН//ЫЙ, -ая,-ое *с.-х.* тIорщел бакIарулеб, хуриса жо нахъе бакIарулеб; **~ая маши́ на** тIорщел бакIарулеб машина

УБО́РЩИК *м* бакIарулев чи, бакIа-бахари гьабулев чи

УБО́РЩИЦА *ж* бакIарулей чIужу, бакIа-бахари гьабулей гIадан, уборщица

УБРА́НСТВО *с* къачIай, къачIа-кIатIай, чIухIизаби (*внешний вид*); ретIа-къай (*одежда*); берцинлъизабулебщинаб жо, чIухIизабулебщинаб жо (*снаряжение*); **~ ко́мнаты** рукъалъул къачIакIатIай; **пра́здничное ~ у́лиц** байрамалъул къоялде къватIал чIухIизари (*къватIазул байрамалъулаб къачIа-кIатIай*)

УБРА́ТЬ сов. 1) *кого-что (унести)* нахъе босизе; **~ кни́ги со стола́** столалдаса тIахьал нахъе росизе 2) что (*спрятать куда-л.*) *кибниги* лъезе, бахчизе; **~ бума́ги в я́щик** кагътал хъурщия-лъур лъезе 3) *что (привести я порядок)* рацIцIалъи, бакIабахари, гIадлу-низам гьабизе 4) бакIаризе; **~ урожай** бачIин бакIаризе 5) гIадлуялде бачине, бакIа-бахаризе 6) берцин гьабизе, къачIазе 7) (*убить*) чIвазе, тIагIинавизе

УБРА́ТЬСЯ *сов.* 1) (*удалиться*) нахъе ине 2) (*привести в порядок*) гIадлу-низамалде бачине 3) (*нарядиться*) къачIа-кIатIазе (*живго*)

У́БЫЛЬ *ж* 1) (*уменьшение*) да́гьлъи, гIодобе ккей, тIаса ин, тIаса бикьи, тIаса беки, мукъсанлъи, ми́гьлъи; **~ воды́ в реке́** гIурулъ лъим дагьлъи 2) (*убыток*) ками, зарал, зиян ◊ **идти́ на ~** лълъаранибе ине, дагьлъизе, гьитIинлъизе

УБЫСТРЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **убыстри́ ть**) хехлъизаби **2**. (*по гл.* **убыстри́ ться***)* хехлъи

УБЫСТРИ́ТЬ *сов. что* хехлъизабизе; **~ шаг** хIетI хехлъизабизе

УБЫСТРИ́ ТЬСЯ *сов.* хехлъизе

УБЫСТРЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **убыстри́ ть(ся)**

УБЫ́ Т//ОК *м* зарал, зиян (*потеря*); **прода́ть без ~ка** зарал кколаредухъ бичизе; **терпе́ть ~ок, быть в ~ке** зарал ккезе

УБЫ́ТОЧНОСТЬ *ж* зарал ккей, зиян ккей, зарал кколеб букIин, зиян кколеб букIин

УБЫ́ ТОЧН//ЫЙ, -ая, -ое зарал кколеб; **~ая торго́вля** зарал (къолеб) кколеб даран; **~ое де́ло** зарал кколеб иш

УБЫ́//ТЬ *сов.* 1) (*уменьшиться*) дагьлъизе, гIодобе ккезе, камизе, тIаса ине, тIаса бикьизе, тIаса бекизе, мукъсанлъизе, мигьлъизе; **вода́ ~ла** лъим гIодобе ккана 2) (*выбыть из состава*) нахъе ине; **~ть по боле́зни** унтарав вукIиналдалъун (унтиялда-лъун) нахъе ине

УВАЖА́ЕМЫЙ, -ая, -ое хIурмат бугев, хIурмат гьабулев, хIурматияв; **~ това́рищ** хIурматияв гьалмагъ

УВАЖА́ТЬ *несов. кого-что* хIурмат гьабизе, хъатир гьабизе, хIурмат-хъатир гьабизе, адаб гьабизе, адаб-хъатир гьабизе; **~ ста́рших** цIикIкIаразул хIурмат гьабизе

УВАЖЕ́НИ//Е *с* хIурмат, хъатир, хIурмат-хъатир, адаб, адабхъатир; **досто́йный ~я** хIурмат-хъатиралъе мустахIикъаб; **ока́зывать ~е** адаб гьабизе

УВАЖИ́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*основательный*) къабул гьабизе бегьулеб, хIисабалде босизе бегьулеб; **~ая причи́ на** къабул гьабизе бегьулеб гIилла 2) (*выражающий уважение*) хIурмат гьабулев (*цогидазул*)

УВА́ЖИТЬ *сов. разг.* 1) *что* тIад рекъезе, къабул гьабизе, разилъизе; **~** *чью-л.* **про́сьбу** *лъилниги* гьари къабул гьабизе 2) *кого (проявить внимание)* хIурмат гьабизе; **~ старика́** херасул хIурмат гьабизе

У́ВАЛЕНЬ *м разг.* тантрахъ, чIанкIгьечI, хIехь, бечIак, тирилъигьечI

УВА́РИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **уварѝ ть(ся)**

УВАРИ́ТЬ *сов. что* 1) (*варкой довести до готовности*) белъуд хьезабизе 2) (*уменьшить объём*) гьализабун дагьлъизабизе (*объем, къадар сундулниги*)

УВАРИ́ТЬСЯ *сов. разг.* 1) (*вполне свариться*) белъуд хьезе; тIубан белъине; **мя́со ещё не уварѝ лось** гьан жеги белъуд хьун гьечIо 2) (*уменьшиться в объеме*) белъиндал гьитIинлъизе

УВА́РКА *ж* **1.** (*по гл.* **уварѝ ть**) белъуд хьезаби **2**. (*по гл.* **уварѝ ться**) белъудхьей

УВЕДОМИ́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое *сундулниги* хIакъалъулъ цебеккунго лъазабулеб; **~ое письмо́** *сундулниги хIакъалъулъ* цебеккунго лъазабулеб кагъат

УВЕ́ДОМИТЬ *сов. кого* цебеккунго лъазабизе, хабар щвезабизе, ругьел битIизе; **~ о дне заседа́ния** заседание щиб къоялъ ахIулебали цебеккунго лъазабизе

УВЕДОМЛЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **уве́домить**) цебеккунго лъазаби, хабар щвезаби, ругьел битIи **2**.(*документ*) уведомление (*сундулниги хIакъалъулъ лъазабун бачIунеб кагъат)*

УВЕДОМЛЯ́ ТЬ *несов. см.* **уве́домить**

УВЕЗТИ́ *сов.* 1) *кого-что сунданиги* лъун битIизе; **~ свои́ кни́ги** *сунданиги* лъун жиндирго тIахьал ритIизе 2) *сунданиги* рекIинарун рачине; **~ детей в дере́вню** *сунданиги* рекIинарун лъимал росулъе рачине 3) (*похитить)* хъамизе (*яс*)

УВЕКОВЕ́ЧЕНИЕ *с* **1.** (*по гл.* **увековéчить**) абадияблъун гьаби, абадиялъ кIочонареблъун гьаби, даимаблъун гьаби, даимго кIочонареблъун гьаби **2**. (*вечность, незыблемость*) даимлъи, хиси́ гьечIолъи, кьури́ гьечIолъи

УВЕКОВЕ́ЧИВАТЬ *несов. см.* **увековéчить**

УВЕКОВЕ́ЧИТЬ *сов. кого-что* абадияблъун гьабизе, даимаблъун гьабизе, даимго кIочонареблъун гьабизе; **~ па́мять па́вших геро́ев** чIварал (хварал) бахIарзал ракIалде щвезари даимаблъун гьабизе

УВЕЛИЧЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **увели́ чить**) кIодо гьаби, кIодолъизаби, чIахIа гьаби, чIахIалъизаби; цIикIкIинаби, гIемерлъизаби; гIатIилъизаби, гIеблъизаби, борхизаби, борхалъизаби; **~ вы́ -пуска това́ров** къайи къватIибе биччай цIикIкIинаби; **~ за́работной пла́ты** харж цIикIкIинаби **2**.(*по гл.* **увели́ читься**) кIодолъи,

чIахIалъи, цIикIкIин, гIемерлъи, гIатIилъи, гIéблъи, бóрхи, борхалъи

УВЕЛИ́ЧИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **увели́чить(ся)**

УВЕЛИЧИ́ТЕЛЬ *м фото* увеличитель (*сурат кIодо гьабулеб алат*)

УВЕЛИЧИ́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое чIахIа гьабулеб, кIодо гьабулеб, кIодо гьабун бихьизабулеб; **~ое стекло́** кIодо гьабун бихьизабулеб цIер; **~ый аппара́т** кIодо гьабулеб аппарат

УВЕЛИ́ЧИТЬ *сов. что* 1) кIодолъизабизе, чIахIа гьабизе, чIахIалъизабизе (*размеры*); цIикIкIинабизе, гIемерлъизабизе (*количество*); гIатIилъизабизе, гIеблъизабизе (*расширить*); борхизабизе (*повысить*) 2) (*оптическим прибором*) кIодо гьабизе (*оптикиял алатаз*)

УВЕЛИ́ЧИТЬСЯ *сов.* кIодолъизе, чIахIалъизе *(роцадулъ);* цIикIкIине, гIемерлъизе *(къадаралъулъ);* гIатIилъизе, гIеблъизе, борхизе, борхалъизе

УВЕНЧА́ТЬ *сов. что чем (успешно завершить)* бергьен-лъиялда лъугIизабизе, тIубазабизе, рагIалде бахъинабизе

УВЕНЧА́//ТЬСЯ *сов. чем (завершиться)* бергьенлъиялда лъугIизе, тIубазе, рагIалде бахъине; **де́ло ~лось успе́хом** иш бергьенлъиялда лъугIана

УВЕРЕ́НИЕ *с* божизавизелъун гьабураб лъазаби; **~ в дру́жбе** гьудуллъиялда божизавизелъун гьабураб лъазаби (гьудуллъи лъазаби)

УВЕ́РЕННО *нареч.* ракI чIун, божун; **~ отвеча́ть** ракI чIун жаваб кьезе; **идти́ ~** ракI чIун, жиндаго божун ине; **~ смотре́ть в бу́дущее** букIинеселъухъ ракI чIун валагьизе

УВЕ́РЕННОСТ//Ь *ж* 1) (*твердость, решительность*) къвакIи, таваккал, щулалъи, ракIчIей 2) (*вера в кого-л., во что-л.)* божи; **быть в по́лной ~и** тIубанго божизе (божун вукIине)

УВЕ́РЕННЫЙ, -ая, -ое 1) (*твердый*) къвакIараб, таваккалаб, щулияб; **~ отве́т** таваккалаб жаваб 2) (*убеждённый*) ракI чIараб; **я уве́рен, что сде́лаю э́ то** гьеб гьабизе букIиналда ракI чIола дир ◊ **бу́дь(те) уве́рен(ы)** щаклъи ккоге! божа!

УВЕ́РИТЬ *сов. кого в чем* божизавизе, ракI чIезабизе; **~ в свое́й правоте́** живго витIун вукIиналда божизавизе (*жиндирго ритIухълъиялда божизавизе)*

УВЕ́РИ//ТЬСЯ *сов. в чём разг.* кутакалда божизе; ракI чIезе; **я ~лась в его́ дру́жбе** досул гьудуллъиялда ракI чIана дир

УВЕРНУ́ТЬСЯ *сов. от кого-чего и без доп.* 1) (*отклониться в сторону*) ворчIизе, хьвазе; **~ от уда́ра** кьабулеб жо щунгутIизе цояб рахъалде гьетIизе 2) *перен. (уклониться от чего-л.)* вахчизе, вахча-хьвазе, ворчIизе; **~ от прямо́го отве́та** битIахъегояб жавабалдаса ворчIизе

УВЕ́РОВАТЬ *сов. что сунданиги* ракI чIун божизе

УВЁРТ//КА *ж разг.* (*хитрость, уловка*) *сундасаниги вор-чIизе* гьабулеб хIилла, сихIирлъи, хIилла-рекIкI; **говори́ть пря́мо без ~ок** хIилла-рекIкI гьечIого битIахъе бицине

УВЁРТЛИВОСТЬ *ж* 1) (*ловкость*) лебаллъи, хехлъи, гьорлъан ворчIи; хъатIизе, хъвазе чIунгутIи 2) (*хитрость*) си-хIирлъи, хIилла-рекIкI букIин

УВЁРТЛИВЫЙ, -ая, -ое 1) (*ловкий*) лебалав, хехав; гьорлъан ворчIарав, хъатIизе, хъвазе чIоларев 2) (*хитрый*) сихIирав, хIилла-рекIкI бугев

УВЁРТЫВАТЬСЯ *несов. см.* **уверну́ться**

УВЕРТЮ́РА *ж муз.* увертюра (*балеталъул, операялъул музыкалияб байбихъи)*

УВЕРЯ́//ТЬ *несов.* 1) *см.* **уве́рить** 2) (*стараться убедить*) божизавизе жигар бахъизе, божилъиялъул рагIи кьезе, ракI чIун абизе; **~ ю тебя́ , что э́ то пра́вда** (дица) дуда ракI чIун абулеб буго гьеб битIараб бугилан

УВЕСЕЛЕ́НИ//Е *с* **1.** (*по гл.* **увеселя́ть**) ракI гьезаби, рохел гьаби, кеп гьаби, ихтилат гьаби, аваданлъи гьаби **2**. **~я** *мн. (зрелище, развлечение)* сухIмат-кеп, ихтилат, аваданаб данделъи

УВЕСЕЛИ́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое рекIелгъеялъул, авадан-лъиялъул, ихтилаталъул, ихтилат-кепалъул; **~ая прогу́лка** ре-кIелгъеялъул (рекIелгъеялъе гьабулеб) тира-свери

УВЕСЕЛЯ́ТЬ *несов. кого* ракI гьезабизе, аваданлъи гьабизе, ихтилат гьабизе, кеп-гIоркь гьабизе

УВЕ́СИСТЫЙ, -ая, -ое *разг.* 1) (*тяжёлый*) цIакъ бакIаб, цIайи бугеб; **~ ка́мень** бакIаб гамачI 2) *перен.* (*сильный*) кутакаб, гучаб, цIайи ккезабулеб, тIаде хIал биччараб; **~ уда́р** гучаб кьаби

УВЕ//СТИ́ *сов. кого-что* 1) бачине, нахъе бачине, бачун ине; **~сти́ дете́й домо́й** лъимал рокъоре рачине 2) *разг. (украсть)* бикъизе, бикъун бачун ине, бикъун ине; **у него́ ~ли́ ло́шадь** досул чу бикъун ун буго 3) (*о дороге и т. п.*) сухъмахъалъ *ва гь. ц. кивениги щивниги* вачине 4) (*отвлечь*) цояб рахъалде бачине; **его́ расска́з ~л мои́ мы́сли в сто́рону** досул хабаралъ дир пикраби цогияб рахъалде рачана (*цогидалъул пикрабазде тIамуна*)

УВЕ́ЧИТЬ *несов. кого-что* гIайиблъизабизе, гIажизлъизабизе, сакъатлъизабизе

УВЕ́ЧИТЬСЯ *несов.* гIайиблъизе, гIажизлъизе, сакъатлъизе

УВЕ́ЧЬЕ *с* сакъат, гIайиблъи, гIажизлъи; **получи́ть ~** сакъат ккезе

УВЕ́ШАТЬ *сов. кого-что чем щиб-щибниги* бан цIезабизе; **~ сте́ну карти́нками** суратал ран къед цIезабизе

УВЕ́ШИВАТЬ *несов. см.* **уве́шать**

УВЕЩА́НИЕ *с* (*по гл.* **увеща́ть**) гIакълу кьун, малъарун *сунденги* гьетIизави, гьесизави

УВЕЩА́ТЬ *несов. кого* гIакълу кьун, малъарун *сунденги* гьетIизавизе, гьесизавизе

УВЕЩЕВА́ТЬ *несов. см.* **увеща́ть**

УВИВА́ТЬСЯ *несов. за кем и без доп. разг.* сверун лъугьун вукIине, кидаго тIадхъарулев вукIине, аскIоса вичIуларого вукIине; жемун букIине

УВИДА́ТЬ(СЯ) *сов. разг.* **уви́деть(ся)**

УВИ́Д//ЕТЬ *сов.кого-что* 1) бихьизе; **он ~ел вас издалека́** досда нуж рикIкIадасанго рихьана; **~еть вновь** цIидасан вихьизе 2) (*понять, осознать*) бичIчIизе, лъазе; **он ~ел, что опозда́л** досда бичIчIана (живго) кватIаравлъи ◊ **поживём – ~им** *погов.* балагьун бихьила

УВИ́Д//ЕТЬСЯ *сов. с кем и без доп.* цоцада рихьизе, данделъизе; **мы ~имся за́втра** нилъ метер рихьила

УВИ́ЛИВАТЬ *несов.см.* **увильну́ть**

УВИЛЬНУ́ТЬ *сов. разг.* 1) *от кого-чего (избегнуть столкновения*) дандчIвачIого, тункичIого ворчIизе 2) *уклоняться от чего-л.* (*сихIирлъун*) *сундасаниги* ворчIизе; хьвазе; **~ от отве́тственности** сихIирлъиялъ жавабчилъиялдаса ворчIизе

УВЛАЖНЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **увлажни́ть**) рагьазаби, регьел ккезаби **2**. (*по гл.* **увлажни́ться**) рагьай, регьел ккей

УВЛАЖНИ́ТЬ *сов. что* рагьазабизе, регьел ккезабизе

УВЛАЖНИ́//ТЬСЯ *сов.* рагьазе, регьел ккезе; **по́чва ~лась** ракьулъе регьел ккун буго

УВЛАЖНЯ́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **увлажни́ть(ся)**

УВЛЕКА́ТЕЛЬНЫЙ, -ая,-ое ракI балеб, гIин тIамизе бокьулеб, интерес бачIинабулеб, асар гьабулеб; **~ расска́з** асар гьабулеб хабар

УВЛЕКА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **увле́чь(ся)**

УВЛЕКА́ЮЩИЙСЯ, -аяся, -еяся *сунденги* хехго маш-гъуллъулев, *щиб-щибниги* жо бокьулев; **~ ю́ноша** хехго *сунденги* машгъуллъулев гIолилав 2) (*влюбчивый*) хехго рокьи кколев

УВЛЕЧЕ́НИЕ *с* 1) (*по гл.* **увле́чь**) хадуб бачин, цIан бачин, хадуб цIай 2) (*пыл, воодушевление*) машгъуллъи, ракIбай, щавкъ; **говори́ть с ~м** шавкъалда кIалъазе 3) (*повышенный интерес к чему-л.*) машгъуллъи; **~ рабо́той** хIалтIуде машгъуллъи 4) (*влюбленность в кого-л.*) рокьи ккей, бала-гъалагьи букIин, балай бергьин; **~ де́вушкой** ясалъухъ рокьи ккей

УВЛЕ́//ЧЬ *сов.* 1) *кого-что (увести)* хадуб бачине, цIан бачине, хадуб цIазе 2) (*заинтересовать, восхитить*) машгъуллъизабизе, ракI базабизе, шавкъ щвезабизе; **его́ ~кла́ рабо́та** дов хIалтIуца машгъул гьавун вуго; **~чь зри́телей игро́й** хIаялъ балагьаразе щавкъ щвезабизе 3) (*влюбить в себя*) живго вокьизавизе; **~чь де́вушку** ясалъе живго вокьизавизе

УВЛЕ́ЧЬСЯ *сов.* 1) *кем-чем* машгъуллъизе; **он си́льно увлёкся рабо́той** дов цIакъго хIалтIуде машгъуллъун вуго 2) *кем (влюбиться)* рокьи ккезе, балай бергьине; **~ де́вушкой** ясалъухъ рокьи ккезе

УВО́Д *м* (*по гл.* **увести́**) нахъе бачин, бачун ин

УВОДИ́ТЬ *несов. см.* **увести́**

УВО́З *м* (*по гл.* **увезти́**) (*сунданиги лъун*) босун ин, (*сунданиги рекIинабун*) бачун ин

УВОЗИ́ТЬ *несов. см.* **увезти́**

УВО́ЛИТЬ *сов.кого* 1) (*освободить*) нахъе рехизе, нахъе гьавизе, ватIа гьавизе, инавизе; **~ в запа́с** *воен.* рагъулаб хъулухъалдаса запасалде инавизе; **~ с рабо́ты** хIалтIудаса нахъе рехизе 2)

уст. (избавить) хвасар гьавизе (*хIажат гьечIеб, рокьукъаб, рихараб жоялдаса*)

УВО́ЛИТЬСЯ *сов.* нахъе ине, ине; **~ с рабо́ты** хIалтIудаса нахъе ине; **~ в о́тпуск** *воен.* отпускаялъ ине

УВОЛЬНЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **уво́лить**) нахъе рехи, нахъе гьави, ватIа гьави, инави; **~ со слу́жбы** хъулухъалдаса нахъе гьави

УВОЛЬНИ́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое **1.** нахъе иналъе нугIлъи гьабулеб; **~ое свиде́тельство** нахъе иналъе нугIлъи гьабулеб свидетельство **2.** *в знач. сущ.* **~ая** *ж воен.* увольнительная (*заманалъ рагъулаб хъулухъалдаса виччаялъул кагъат*)

УВОЛЬНЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **уво́лить(ся)**

УВЫ́ *межд.* пайда щиб, огь, унгоха; **~, он уе́хал!** унгоха, дов ун вуго!

УВЯДА́НИЕ *с* (*по гл.* **увя́нуть**) 1) (*растений*) бечIай 2) *перен. (утрата свежести)* бечIай, нур свин, кьергъвай, кьерукълъи

УВЯДА́ТЬ *несов. см.* **увя́ нуть**

УВЯ́ДШ//ИЙ, -ая, -ое 1) бечIараб; **~ий цвето́к** бечIараб тIегь 2) (*поблекший*) нур свараб, кьер тIураб; **~не гу́бы** кьер тIурал кIутIби

УВЯЗА́ТЬ[1] *сов. что* 1) (*связать*) бухьине, къазе, бухьа-къазе; **~ ве́щи** къайи-цIа бухьа-къазе 2) *перен. (согласовать*) цоцада бухьинабизе, цоцалъ рекъа-решезабизе; **~ тео́рию с пра́ктикой** теорияги практикаги цоцада бухьинабизе, данде ккезабизе

УВЯЗА́ТЬ[2] *несов. см.* **увя́ знуть**

УВЯЗА́//ТЬСЯ[1] *сов. за кем-чем разг. (пойти за кем-л.)* хадухъахъдизе, нахъаса вичIунгутIизе, рачI гIадин, хадув вукIине; **за ним ~лась соба́ка** гьой досда нахъаса (хадуса) бичIулеб гьечIо

УВЯЗА́ТЬСЯ[2] *сов. разг. (связать свои вещи)* (*жиндирго къайи*) бухьа-къазе, къачIа-кIатIазе; бухьа-къан, къачIа-кIатIан букIине

УВЯ́ЗНУТЬ *сов. в чём* 1) (*в грязи, болоте и т. п.)* гьорлъ къазе, гьорлъ къан хутIизе; **~ в грязи́** хIарщулъ къазе 2) *перен. (погрязнуть, запутаться*) къазе, къан хутIизе; **~ в долга́х** налъукь къан хутIизе

УВЯ́ЗЫВАТЬ(СЯ)[1,2] *несов. см.* **увяза́ть(ся)**[1,2]

УВЯ́ЗЫВАТЬ(СЯ)[1,2] *несов. см.* **увяза́ть(ся)**[1,2]

УВЯ́ //НУТЬ *сов.* 1) (*о растениях*) бечIазе; **цветы́ ~ли** тIугьдул речIана 2) *перен. (утратить свежесть)* бечIазе, нур свине

УГАДА́//ТЬ *сов. что* хадув гIунтIизе, нахъгIунтIизе, бичIчIизе, лъазе; **я ~л его́ мысль** дида досул пикру бичIчIана 2) (*дать верный ответ*) битIараб жаваб кьезе

УГА́ДЫВАТЬ *несов. см.* **угада́ть**

УГА́Р *м* 1) (*удушливый газ*) угар, гьанкъизарулеб кIкIуй, газ; **в ко́мнате па́хнет ~ом** рокъоб угаралъул (газил) махI буго 2) *перен.* жазму, паналъун ин, шавкъ

УГА́РНЫЙ, -ая, -ое: **~ газ** угаралъул газ

УГАСА́НИЕ *с* (*по гл.* **угаса́ть**) свин, сун ин

УГАСА́//ТЬ *несов. см.* **уга́снуть**; **день ~ет** маркIачIумех щолеб буго

УГА́С//НУТЬ *сов.* 1) (*погаснуть*) свине, сун ине; **костёр уга́с** цIа свана 2) *перен. (прекратиться)* лъугIизе, тIагIине; **весе́лье ~ло** рохел лъугIана, кеп-ихтилат лъугIана 3) *перен. (умереть)* нилъедаса ине, хвезе; **его́ нет, он уга́с** дов гьечIо, дов ана (хвана)

УГЛА́, углу́ *и т.д. род., дат. п. и т.д. от* **у́гол**

УГЛЕВО́Д *м биол. хим.* углевод (*углеродги, кислородлги, водородги жубараб вещество*)

УГЛЕВОДОРО́Д *м хим.* углеводород

УГЛЕВОДОРО́ДНЫЙ, -ая, -ое углеводородалъул

УГЛЕКИСЛОТА́ *ж* углекислота

УГЛЕКИ́СЛЫЙ, -ая, -ое *хим.* углекислый; **~ газ** углекислый газ

УГЛЕКО́П *м уст.* тIурччибухъ, тIурччи бухъулев (бахъулев) хIалтIухъан

УГЛЕРО́Д *м* углерод (*хим. элемент, газ*)

УГЛЕРО́ДИСТ//ЫЙ, -ая, -ое углерод гьорлъ бугеб; **~ая сталь** углерод гьорлъ бугеб чаран

УГЛОВА́ТЫЙ, -ая, -ое 1) (*с углами*) бокIнал ругеб, бокIнал гIемераб, бокIнахараб 2) *перен. (неловкий, застенчивый*) нечарав, намусав; хIанкIварамахIав, хIехьмахIав; тирилъи гьечIев

УГЛОВ//О́Й, -ая, -ое 1) (*находящийся на углу*) бокIнилъ бугеб 2) (*в форме угла*) бокIонлъун кколеб, бокIон гIадаб 3) *мат., физ.*: **~о́е измере́ние** бокIназул роцен, бокIнал рорцин ◊ **~о́й уда́р** *спорт.* бокIнилъан (-дасан) (торгIо) кьаби

УГЛОМЕ́Р *м* бокIонборц

УГЛУБИ́ТЬ *сов. что* гьварилъизабизе, гьварид гьабизе, гьорлъе ккезабизе, гьорлъе хъубухъизе; **~ я́му** гвенд гьварилъизабизе 2) *перен.* гьварилъизабизе, щулалъизабизе, лъикIлъизабизе, кутаклъизабизе, цIикIкIинабизе, кIодолъизабизе

УГЛУБЙ//ТЬСЯ *сов.* 1) (*стать глубже*) гьварилъизе, гьорлъе ккезе 2) (*проникнуть в глубь чего-л.)* тIерхьине, тIерхьун вукIине; **~ться в лес** рохьове тIерхьине 3) *перен. (усилиться)* гьварилъизе, щулалъизе, лъикIлъизе, кутаклъизе, цIикIкIине; **враждá ме́жду ни́ми ~лась** дозда гьоркьоб тушманлъи цIикIкIана 4) (*увлечься чем-л.*) гьорлъе лъугьине, машгъуллъизе; **~ться в кни́гу** тIехьалде машгъуллъизе

УГЛУБЛЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **углуби́ ть**) гьварилъизаби, гьварид гьаби, гьорлъе ккезаби **2**. (*по гл.* **углуби́ться**) гьварилъи, гьорлъе ккей **3**. (*впадина*) гьварилъи, гомоглъи, гвенд **4.** *мор. (осадка судна*) гама лъадалъе тIерхьараб гьварилъи

УГЛУБЛЁНН//ЫЙ, -ая. -ое 1) (*основательный, серьёзный*) гьваридаб; **~ое изуче́ние литерату́ры** литература гьваридго лъазаби 2) (*занятый чем-л.)* гьорлъе лъугьараб, машгъуллъараб; **~ый в чте́ние** цIалиялде машгъуллъарав

УГЛУБЛЯ́ ТЬ(СЯ) *несов см.* **углуби́ ть(ся)**

УГЛЯ́ , углю́ *и т. д. род., дат. п., и т. д. от* **у́голь**

УГЛЯД//Е́ТЬ *сов. за кем-чем, разг.* хал кквезе, хадуб хал ккун, *сундасаниги* цIунизе, берзукь чIезабизе; **она́ не ~е́ла за ребёнком** лъимада хадуб хал ккун бажаричIо долъухъа; **за все́ми не ~и́ шь** кинавго чи берзукь чIезавун бажаруларо

УГНА́ТЬ *сов. кого что* 1) гъезе, ахIизе, цебе къотIун бачине; **~ ста́до в по́ле** рехьед гIалахалде гъезе 2) (*похитить*) хъамизе, бикъун бачун ине

УГНА́ТЬСЯ *сов. за кем-чем, чаще с отриц.* 1) (*настичь*) хадув гъезе; **в бе́ге за ним не ~** векерун досда хадув (чи) гьоларо 2) *разг. перен. (сравняться в чём-л.)* бащалъизе, хадуб гIунтIизе, хадуб гъезе; **в учёбе за ним не ~** цIалулъ досда бащалъулев чи гьечIо (цIалулъ досда хадур гьоларо)

УГНЕТА́ТЕЛЬ *м* зулмучи, гIазаб-гIакъуба кьолев чи

УГНЕТА́//ТЬ *несов. кого-что* 1) (*притеснять*) зулму гьабизе, гIазаб-гIакъуба кьезе; **~ть сла́бых** загIипазе зулму гьабизе 2) *перен. (удручать)* гIазаб кьезе; **его́ ~ли мра́чные мы́сли** рокьукъал пикрабаз гIазаб кьолеб букIана досие

УГНЕТЁНИЕ *с* **1.** (*по гл.* **угнета́ть**) гIазаб кьей, гIакъуба кьей, зулму гьаби **2**. (*подавленное состояние*) ракI гIодоб чIвай

УГНЕТЁНН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*притесняемый*) зулмуялда гъоркь бугеб; **~ый наро́д** зулмуялда гъоркь бугеб халкъ 2) (*удрученный*) ракI гIодоб чIвараб; **~ое настрое́ние** ракI гIодоб чIвараб хIал

УГОВА́РИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **уговори́ ть(ся)**

УГОВО́Р *м* 1) (*убеждение кого-л. в чём-л.*) тIаделъун гьари, гьара-цIалун *цоцинаб жо* гьабизе тIами; **по́сле до́лгих ~ов он согласи́ лся** гIемераб мехалъ тIаделъун гьаридал, дов разилъана 2) (*взаимное соглашение*) къотIи, рагIи кьей, бицараб рагIи, шартI; **с ~ом** цо шартIгун; **де́йствовать по ~у** къотIуда рекъон хIалтIизе; **~ дорóже де́нег** *посл.* кьураб рагIи гIарцудаса къиматаб (*кици*)

УГОВОРИ́ ТЬ *сов. кого* 1) разилъизавизе 2) *разг. (успокоить, утешить*) ракI гIодобе биччазабизе, ракI-макI гьабизе

УГОВОРИ́ //ТЬСЯ *сов. с кем о чем и с неопр.* къотIи гьабизе, рагIи данде ккезабизе; **~ться о цене́** багьаялъул рахъалъ рагIи данде ккезабизе; **мы ~лись пое́хать в го́ры** нижеца къотIи гьабуна магIарде ине

УГО́Д//А *ж*: ◊ **в ~у** *кому-л. лъилниги* хъатир гьабун, *лъиениги* бокьараб гьабун

УГОДИ́ //ТЬ *сов.* 1) *кому-чему* рази гьабизе, адаб гьабизе, хъатир гьабизе; **всем не ~шь** киналго рази гьарун бажаруларо 2) *разг. во что кивениги* ккезе, вортизе (*попасть куда-л.*); *сунданиги* тункизе; **~ть в я́ му** гвандиниве ккезе; **он ~л лбом в дверь** досул нодо нуцIилъ тункана 3) *в кого, во что* речIчIизе, щвезе, щвезабизе; **~ть ка́мнем в окно́** горда гамачI речIчIизе

УГО́ДЛИВЫЙ, -ая, -ое рази гьавизе хIаракат бахъулеб, хIелулеб; **~ челове́к** рази гьавизе хIаракат бахъулев чи; **~ тон** хIелараб гьаракь

УГО́ДНО 1. *в знач. сказ. кому* къваригIун буго, бокьун буго, хIажат буго; **что вам ~?** дуе щиб бокьун бугеб? **не ~ ли?** бокьилирищ? 1) *частица* бокьаниги, букIаниги; **кто ~** бокьарав чи, щив вукIаниги; **како́й ~** кинаб букIаниги; **как вам ~** дуе бокьухъе;

ско́лько ~ кигIан бокьаниги ◊ **ско́лько душе́** ~ гIемер, хIал хьезегIан

УГО́ДНЫЙ, -ая, -ое *кому* санагIатаб, хIажатаб, къваригIунеб, квегIенаб, пайда бугеб; *лъилниги* мурадалда, анищ-къасдалда данде кколеб

УГО́ДЬ//Е *с с.-х.*: **па́хотные ~я** рекьулел ракьал; **лесны́ е ~я** рохьал ругел ракьал

УГОЖДА́ТЬ *несов. см.* **угоди́ ть** 1)

У́ГОЛ *м* цили; ~ **дома́** рукъалъул цили; ~ **стола́** столалъул бокIон 2) *мат.* бокIон; **прямо́й** ~ битIараб бокIон 3) (*приют, пристанище*) рукIун, руссен**; име́ть свой** ~ жиндирго руссен, вуссунеб бакI букIине 4) (*часть дома, комнаты*) бокIон; **все разбрели́ сь по свои́ м угла́м** киналго жидерго бокIназде рортана ◊ **из-за угла́** божуда рекIкI гьабун, балъго (*речIчIизе ва гь. ц.*); **ходи́ ть из угла́ в** ~ пикрабалъе ккун гIадада цеве-нахъе хьвадизе

УГОЛО́ВН//ЫЙ, -ая, -ое обществоялъе хIинкъи бугеб ишлъун кколеб, уголовнияб; уголовнияб такъсир гьабурав; уголовнияб такъсир гьабурал жанир тIамизе бугеб (*уголовная тюрьма*)

УГОЛО́ВЩИНА *ж разг.* 1) (*преступление*) уголовнияб такъсир 2) *собир. (преступники)* уголовниял такъсирчагIи

УГОЛ//О́К *м* 1) *уменьш. от* **у́гол**; 2) (*место*) бакI; **во всех ~ках ми́ ра** дуниялалъул киналго бакIазда

У́ГОЛЬ *м* тIурччи; **ка́менный** ~ ганчIил тIурччи ◊ **бе́лый** ~ энергиялъул кьучI хIисабалда лъим (лъадал къуват); **голубо́й** ~ гьорол къуват; **древе́сный** ~ цIулал тIурччи; **сиде́ть как на угля́ х (уго́льях)** рахIат хун, хIалхьи гьечIого, хIатIикь цIа бугеб гIадин, вукIине (зазтIа кIусарав гIадин вукIине)

У́ ГОЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое тIорччол, тIурччи бахъулеб; **~ый бассе́йн** (ганчIил) тIурччи бахъулеб бакI; **~ая промы́шленность** тIорччол промышленность ◊ **~ая кислота́** тIорччол кислота (*углеродалъул двуокись лъадалъ билъун лъугьунеб кислота*)

У́ГОЛЬЩИК *м* 1) тIорччол промышленносталъул хIалтIухъан, шахтёр; 2) тIурччибухI; тIурччибич

УГОМОНИ́ТЬ *сов. кого разг.* гIодоре руссинаризе, чIезаризе; ~ **дете́й** лъимал чIезаризе, гIодоре руссинаризе

УГОМОНИ́//ТЬСЯ *сов. разг.* гIодоре риччазе, сас тезе; **все ~лись** киналго гIодоре руссана

УГО́Н *м* (*по гл.* **угна́ть**[1]) бачун ин 2) (*похищение*) хъами, бикъун бачун ин

УГОНЯ́ ТЬ *несов. см.* **угна́ть**

УГОРА́ТЬ[1,2] *несов. см.* **угоре́ть**[1,2]

УГОРЕ́ЛЫЙ, -ая, -ое угаралъ кIотинавурав **◊ бежа́ть как** ~ гIодов речIчIани кIитIелеб хIалалъ векеризе, бугеб рухIалъ векеризе

УГОРЕ́//ТЬ[1] *сов.* (*отравиться угаром*) угаралъ (кIкIуйдуца) кIотине ◊ **~л ты, что ли?** мун гIадаллъунищ вугев? (дур бетIер сверунищ бугеб?)

УГОРЕ́ТЬ[2] *сов. (уменьшиться при плавке, горении*) дагьлъизе, гьитIинлъизе (*бухIулаго, бишнабулаго*)

У́ ГОРЬ[1] *м зоол.* угорь (*борхьида релъгьараб кIудияб ччугIа*)

У́ ГОРЬ[2] *м* (*на коже*) нихь, тIихь

УГОСТИ́ТЬ *сов. кого чем* гьоболлъи гьабизе, квана-гьекъезавизе

УГОСТИ́ТЬСЯ *сов. чем разг.* гьоболлъухъ вукIине, квана-гьекъезе, гьоболлъухъ кьураб жо квана-гьекъезе; ~ **вино́м** гьоболлъухъ кьураб чагъир гьекъезе

УГОЩА́ТЬ(СЯ) *несов.см.* **угости́ ть(ся)**

УГОЩЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **угости́ ть**) гьоболлъи гьаби, квана-гьекъезави **2**. (*пища, питье*) квен-тех, гьекъолеб жо

УГРЕВА́Т//ЫЙ, -ая, -ое тIихьазул, тIихьазул цIураб; **~ое лицо́** тIихьазул цIураб гьумер

УГРО́БИТЬ *сов. прост.* 1) *кого (убить*) чIвазе, хвезавизе, тIагIинавизе, лъугIизавизе 2) *что (испортить)* хвезабизе; ~ **маши́ ну** машина хвезабизе

УГРОЖА́ЕМЫЙ, -ая, -ое жиндилъ хIинкъи бугеб; хIин-къиялда гьоркь бугеб

УГРОЖА́//ТЬ *несов. кому-чему* хIинкъизабизе, хIинкъи кьезе, хIинкъи ккезабизе; **ему́ ~ет опа́сность** досие хIинкъи буго; **ему́ ничто́ не ~ет** досие сундулниги хIинкъи гьечIо; **~ть войно́й** рагъ байбихьилилан хIинкъизаризе, рагъ лъазабилилан хIинкъи кьезе

УГРОЖА́ЮЩ//ИЙ, -ая, -ое хIинкъи бугеб, хIинкъи кьолеб, хIинкъизабулеб, хIинкъи ккезабулеб, балагъаб; **~ее положе́ние** хIинкъи бугеб хIал

УГРО́З//А *ж* хIинкъи, хIинкъи кьей; **~а войны́** рагъул хIинкъи; **поста́вить** *что-л.* **под ~у** *цо щибниги* хIинкъиялда гьоркье ккезабизе

УГРО́ЗЫСК *м (уголо́вный ро́зыск)* угрозыск (*уголовнияб цIех-рех)*

УГРО-ФИ́ НСКИ//Й, -ая, -ое: **~е языки́** угро-финазул мацIал

УГРО́ХАТЬ *сов. кого-что разг.* 1) (*убить*) чIвазе 2) *что (истратить*) гIемераб (*гIарац)* харж гьабизе

УГРЫЗЕ́НИ//Е *с:* **~я со́вести** намусалъ бадибчIвай гьаби, намусалъ гIакъуба кьей (*жиндирго гIайибги бичIчIун*)

УГРЮ́МОСТЬ *ж* (*суровость*) согIлъи, кьвари; (*мрачность*)пашманлъи, ракI гIодобчIвай

УГРЮ́ МЫЙ, -ая, -ое согIаб, кьварараб (*суровый*); пашманаб, ракI гIодоб чIвараб (*мрачный*)

У́ ГРЯ[1,2]**, у́грю** *и т. д. род., вин., дат. п. и т.д. от* **у́горь**[1,2]

УДА́В *м зоол.* удав (*борохь*)

УДАВА́ТЬСЯ *несов. см.* **уда́ться**

УДАВИ́ ТЬ *сов. кого разг.* гъанкъизе (*лъицаниги*)

УДАВИ́ ТЬСЯ *сов. разг.* живго жинцаго гъанкъизе

УДАЛЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **удали́ ть**) рикIкIалъизаби, нахъе гьаби, нахъе бачахъи **2**. (*по гл.* **удали́ ться**) рикIкIалъи, нахъе ин

УДАЛЁННЫЙ, -ая, -ое (*отдалённый, далёкий*) рикIкIадаб

УДАЛЕ́Ц *м разг.* лебалав чи, бахIарчи

УДАЛИ́ТЬ *сов.* 1) *что (отдалить)* рикIкIад гьабизе, рикIкIалъизабизе; ~ **мише́нь на де́сять ме́тров** кьвагьдезе лъураб гIуж анцIго метралъ рикIкIалъизабизе 2) *кого (заставить уйти)* нахъе гъезе, бачахъизе; ~ **игрока́ с по́ля** майданалдаса хIалев чи нахъе гъезе 3) *что мед.* бахъизе; ~ **зуб** гIус бахъизе; 4) *что (вывести)* инабизе; ~ **пятно́** ланг инабизе

УДАЛИ́ //ТЬСЯ *сов.* 1) (*отдалиться*) рикIкIалъизе; **~ться от ре́чки** лъарахъа (лъаралдаса) рикIкIалъизе; **он ~лся от те́мы** дов темаялдаса рикIкIалъана 2) (*уйти, уехать*) ине, нахъе ине, хазабизе; **поспе́шно ~ться** хехго нахъе ине

УДАЛ//О́Й, -а́я, -о́е лебалаб, бахIарчияб; **~о́й конь** лебалаб чу; **~а́я пе́сня** бахIарчилъиялъул цIураб кечI; бахIарчилъи бихьизабулеб

У́ ДАЛЬ *ж* гIурхъулъа борчIараб бахIарчилъи, лебаллъи

УДАЛЬСТВО́ *с см.* **у́даль**

УДАЛЯ́ ТЬ(СЯ) *несов.см.* **удали́ ть(ся)**

УДА́Р *м* кьаби; ~ **кулако́м** заруца кьаби; ~ **ного́й** хIатIица кьаби 2) (*звук, стук*) *щибниги кибниги* кьабулеб гьаракь; **слы́ шатся ~ы топора́** гIощтIол гьаракь рагIулеб буго 3) (*потрясение, огорчение*) тохлъукье тIаде щвараб балагь 4) *мед. (кровоизлияние*) гIаданибе би тIинкIи 5) *воен.* кьаби́ щвезаби 6) *спорт.* кьаби; **то́чный** ~ битIун ккараб кьаби ◊ **ста́вить под** ~ квешаб хIалалде ккезавизе; **со́лнечный** ~ бетIералда бакъ бухIун унти; **он сего́дня в ~е** дов жакъа чIинкьа-кIитIун вуго

УДАРЕ́НИЕ *с* 1) *лингв.* ударение; **логи́ческое** ~ логикияб, магIнаяб ударение (*предложенияльул аслияб рагIи гьаркьица батIа гьаби*); **тони́ческое** ~ ударение бугеб слог гьаркьица батIа гьаби (гьаркьилаб ударение) 2) *перен.* батIа гьаби, батIаго тIаде кIвар кьей (*каламалъул, текстальул бищунго кIвар бугеб бутIаялде*)

УДА́РИ//ТЬ *сов.* 1) *кого-что* кьабизе; **~ть кулако́м** зар кьабизе 2) *во что, по чему* кьабизе, речIчIизе; **~ть по столу́** столалда (*зар*) кьабизе; **мо́лния ~ла в де́рево** гъотIода пири речIчIана 3) (*ударом произвести звук*) гъугъай, гьаракь бахъине; **~л гром** зоб гъугъалеб гьаракь бахъана; **~ли ору́дия** гIарадабазул гъугъай бахъана 4) *по кому-чему (внезапно атаковать*) тIаделъизе, тIаде кIанцIизе, кьаби́ щвезабизе 5) (*наступить*) тIаде щвезе, тIаде гIунтIизе; **~ли моро́зы** цIорой тIаде щвана 6) *по кому-чему, перен. разг. (начать борьбу)* кьаби щвезабизе; **~ть по недоста́ткам** гIунгутIабазда кьаби щвезабизе ◊ **~ть в го́лову** гIадалъе бахине; **~ть по карма́ну** зарал ккезе; **~ть по рука́м** кьотIи гьабизе; **па́лец о па́лец не ~ть** килщида килищ кIутIунгутIизе; **не ~ть в грязь лицо́м** гьумер багIарлъичIого, ворчIизе; бергьенлъиялда тIубазабизе

УДА́РИ//ТЬСЯ *сов.* 1) (*ушибиться) обо что чем* тункизе, речIчIизе, щвезе; **он ~лся головóй** досул бетIер тункана; **пу́ля ~лась об сте́ну** гулла къадалъ щвана 2) *во что разг. (с увлечением предаваться чему-л.*) *сунденги* машгъуллъизе ◊ **~ться в кра́йность** зани бегизабизе, гIорхъолъа ворчIизе

УДА́РНИК[1] *м* 1) (*в оружии*) чахъма 2) ударник (*къали ва гь. ц. музыкалиял алатал рухулев чи*)

УДА́РНИК[2] *м* ударник; **~ трудá** захIматалъул ударник (*цеветIурав хIалтIухъан*)

УДА́РНИЦА *ж* ударница (*цеетIурай хIалтIухъан*)

УДА́РН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*передовой по работе*) ударниказул, цебе тIураб, хIаракатаб, жигараб; **~ая бригáда** ударниказул бригада 2) (*срочный, важный*) хехаб, цIакъго кIвар бугеб, тIубачIого чара гьечIеб; **~ая рабóта** кIвар бугеб, гIедегIараб хIалтIи, тIубачIого чара гьечIеб хIалтIи 3) (*о войсках*) кьаби щвезабулеб, тIаде кIанцIулеб, гьужумалде бортулеб; **~ая войскова́я гру́ппа** аскаралъул гьужумалде бортулеб къокъа 4) *муз.:* **~ые музыка́льные инструме́нты** рухулел-кьабулел музыкалиял алатал (*къали ва гь.ц.*) 5) *лингв.:* **~ый гла́сный** ударение тIаде ккараб рагьараб гьаракь

УДАРЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **уда́рить(ся)**

УДА́С//ТЬСЯ *сов.* 1) (*успешно завершиться*) битIун ккезе, лъикI ккезе, битIа-бишун ккезе, бергьенлъиялда тIубазе; **опера́ция ~лась** операция битIун ккана 2) *кому-чему с неопр.* рес ккезе; **ему́ ~ло́сь прие́хать** досие вачIине рес ккана (щвана)

УДА́Ч//А *ж* битIаккей, талихIаккей, икъбал, бергьенлъи; **жела́ю ~и!** бергьенлъи щваги (дуе)! **тво́рческая ~а** творчествоялъулаб бергьенлъи

УДА́ЧЛИВЫЙ, -ая, -ое *разг.* битI бугев, битI кколев, талихI бугев, икъбал бугев, гьабураб иш данде билъулъунев

УДА́ЧНО *нареч. (успешно*) бергьенлъиялда, лъикI

УДА́ЧНЫЙ, -ая, ое 1) (*успешный*) битIун ккараб, бергьен-лъиялда араб 2) (*хороший*) лъикIаб; **~ перево́д** лъикIаб (лъикI ккараб) таржама (перевод)

УДВА́ИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **удво́ить(ся)**

УДВО́ЕНН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*вдвое больший*) кIиго бутIаялъ цIикIкIараб, кIилъараб, кIилъизабураб 2) (*усиленный, увеличенный*) цIикIкIинабураб; (кIодо гьабураб, кIодолъизабураб) **с ~й эне́ргией** цIикIкIинабураб къуватгун; (*о буквах*) кIирекъарал (*хIарпал*), кIицIул такрар гьарурал

УДВО́ИТЬ *сов. что* кIилъизабизе, цIикIкIинабизе; **~ внима́ние** кIвар цIикIкIинабизе

УДВО́ИТЬСЯ *сов.* кIилъизе, кIиго бутIаялъ цIикIкIине

УДЕ́Л *м* 1) *ист.* милк, ракь-милк (*багъаруларе бечелъи, буголъи*) 2) къисмат, къадар, хъвайи; **тако́в был его́** ~ гьединаб букIана досул къисмат

УДЕЛИ́ТЬ *сов. что кому-чему* батIа гьабизе, батIа гьабун кьезе; *~ кому-л.* **часть хозя́йства** магIишаталъул цо бутIа *лъиениги* батIа гьабун кьезе; *заман, кIвар* кьезе

УДЕ́ЛЬНЫЙ[1]**,** -ая, -ое 1) *физ.*: **~ вес** *сундулниги* объемалъул единицаялъул (1 куб. см.) бакIалъи 2) *перен.:* ◊ **~ вес у́гольной промы́шленности в наро́дном хозя́йстве** халкъияб магIишаталъулъ тIорччол промышленностал кколеб бакI

УДЕ́ЛЬНЫЙ[2]**,** -ая, -ое *ист.*: **~ князь** (живго бетIергьанаб) милк-ракь бугев князь

УДЕЛЯ́ ТЬ *несов. см.* **удели́ ть**

У́ДЕРЖ м: ◊ **без ~у** *разг.* сунцаго кквечIого; паркъ гьечIого; **не знать (ни в чём) ~у** сундасаниги нахъекъай лъангутIизе, сунданиги ккезе кIоларе хIалалъ букIине

УДЕРЖА́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **удержа́ть**) кквей, тIаса ккей, гьоркь ккей **2.** (*сумма*) тIаса ккураб къадар (*гIарац ва гь. ц.*); **~ из зарпла́ты** харжалъул тIаса ккураб гIарац

УДЕРЖА́ТЬ *сов.* 1) *кого-что (от падения)* ккезе; **~ в рука́х** кодоб ккезе 2) *кого-что (сдержать)* чIезабизе; **~ ло́шадь** чу чIезабизе 3) (*не отпускать*) чIезабизе; **~ ребёнка до́ма** лъимер рокъоб чIезабизе; 4) (*не дать что-л. сделать*) цIунизе; **~ от необду́манного посту́пка** ургъичIого гьабулеб ишалдаса цIунизе 5) *что (не выплатить)* гьоркь ккезе; **~ пятьдеся́т рубле́й** кIи-къоялда анцIго гъурущ гьоркь ккезе

УДЕРЖА́//ТЬСЯ *сов.* 1) (*устоять, остаться на месте*) цо бакIалда чIезе, чIун вукIине, хIалица чIезе 2) (*не отступить*) жиндирабго ккун чIезе, нахъе къачIого чIезе 3) *от чего (воздержаться) щибниги* гьабичIого чIезе, яхI гьабизе; **он е́ле ~лся от сме́ха** хIалица ккун чIезабулеб букIана дос релъи; **~ться от куре́ния** хъалиян бухIичIого яхI гьабизе

УДЕ́РЖИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **удержа́ть(ся)**

УДЕРУ́ , удерёшь *и т. д. буд. от* **удра́ть**

УДЕСЯТЕРИ́ТЬ *сов. что* анцIго нухалъ цIикIкIинабизе, анцIиде бахинабизе

УДЕСЯТЕРИ́ТЬСЯ *сов.* анцIго нухалъ цIикIкIине, анцIиде бахине

УДЕСЯТЕРЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **удесятери́ ть(ся)**

УДЕШЕВИ́ ТЬ *сов. что* учуз гьабизе, учузлъизабизе

УДЕШЕВИ́ ТЬСЯ *сов.* учузлъизе

УДЕШЕВЛЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **удешеви́ть**) учуз гьаби, учузлъизаби **2.** (*по гл.* **удешеви́ ться**) учузлъи

УДЕШЕВЛЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **удешеви́ть(ся)**

УДИВИ́ТЕЛЬНО 1. *нареч.* гIажаибго, тамашаго, хIикматго; **он ~ измени́лся** гIажаибго хисун вуго дов 2) *в знач. сказ. безл.* тамашаяб жо буго, хIикматаб жо буго, гIажаибаб жо буго; **э́ то ~** тамашаб жо буго гьеб; ~ тамаша!; **~, что он не прие́хал** тамаша буго дов вачIинчIого чIей

УДИВИ́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*странный*) тамашаяб, хIикматаб, гIажаибаб; **~ый вопро́с** хIикматаб суал 2) (*необыкновенный*) гIадатияб гуреб, риххун хутIизарулеб; **~ое здоро́вье** риххун хутIизарулеб сахлъи

УДИВИ́ТЬ *сов. кого* тамашалъизабизе, хIикмалъизабизе, гIажаиблъизабизе, риххун хутIизаризе, хIайранлъизаризе; **~ неожи́данным отве́том** ракIалдаго букIинчIеб жавабалъ тамашалъизаризе

УДИВИ́ ТЬСЯ *сов.* тамашалъизе, хIикмалъизе, гIажаиблъизе, риххун хутIизе, хIайранлъизе

УДИВЛЕ́НИ//Е *с* тамашалъи, хIикмалъи, гIажаиблъи, риххун хутIи, хIайранлъи; **к моему́ вели́ кому ~ю** дунги кутакалда хIикмалъизавун...; **к о́бщему ~ю** киналгоги хIикмалъизарун, ... **на ~е** цIакъ лъикI, кутакалда лъикI, гIажаибго лъикI

УДИВЛЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **удиви́ ть(ся)**

УДИ́ ЛА *м* кIалдираял (*чол*)

УДИ́ ЛИЩЕ *с* (*ччугIби кколеб алаталъул*) тIил (*жинда тIогьиб гъармахъ бухъараб квар щула гьабулеб халатаб тIил*)

УДИРА́ТЬ *несов. см.* **удра́ть**

УДИ́ ТЬ *несов. кого* гъармахъ рехун ккезе; (*щибниги*) кисаниги къватIибе бахъизе хIал бихьизе

УДЛИНЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **удлини́ ть**) халат гьаби, халалъизаби **2.** (*по гл.* **удлини́ ться**) халалъи

УДЛИНИ́ТЬ *сов. что* халалъизабизе, халат гьабизе; **~ рукава́** къвалал халат гьаризе

УДЛИНИ́ //ТЬСЯ *сов.* халалъизе, кIодолъизе; **вече́рние те́ни ~лись** сардил рагIадал халалъана; **дни ~лись** къоял кIодолъана

УДЛИНЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **удлини́ ть(ся)**

УДМУ́ РТ *м* удмуртав

УДМУ́ РТКА *ж* удмуртай

УДМУРТСКИЙ, -ая, -ое удмуртазул; **~ язы́ к** удмурт мацI

УДМУ́ РТЫ *мн.* удмуртал

УДО́БНО 1. *нареч.* къагIида рекъон, квегIенго, рахIаталда, лазаталда, санагIатго, рекъон; **~ сесть** рахIаталда гIодов чIезе **2**. *в знач. сказ. безл.* рахIат букIине, лазат букIине, санагIат букIине, квегIенлъи букIине; **мне и здесь ~** дие гьанибги рахIат буго **3**. *в знач. сказ. безл. кому-чему и с неопр.* рекъон букIине; **~ ли его́ беспоко́ить?** досул рахIат хвезабизе рекъон букIинадай?

УДО́БН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*для пользования*) квегIенаб, рахIатаб, лазатаб, санагIатаб, рекъон кколеб 2) (*подходящий*) рекъараб, санагIатаб; **~ое вре́мя** санагIатаб заман

УДОБОВАРИ́М//ЫЙ, -ая, -ое тIадагьаб, ургьиб рекъараб, хехго ва бигьаго бихIунеб; **~ая пи́ ща** бигьаго бихIунеб квен

УДОБОЧИТА́ЕМЫЙ, -ая, -ое цIализе бигьаяб, бигьаго цIалулеб; **~ по́черк** цIализе бигьаяб хатI

УДОБРЕ́НИ//Е *с с.-х.* **1.** (*по гл.* **удобря́ ть**) (*хур*) беэн гьаби **2.** (*вещество*) удобрение, ракь беэн гьабулеб жо, беэнлъи

УДО́БРИТЬ *сов. что с.-х.* беэн гьабизе; **~ по́чву навóзом** ракуца ракь беэн гьабизе

УДОБРЯ́ ТЬ *несов. см.* **удо́брить**

УДО́БСТВ//О *с* къагIида рекъей, квегIенлъи, санагIалъи; **квартиґ ра со всéми ~ами** киналго квегIенлъаби ругеб рукъ

УДОВЛЕТВОРЕ́НИЕ *с* 1) (*по гл.* **удовлетвориґ ть**) рази гьави, разилъизави, мурад тIубай, хIал хьезаби, къабул гьаби; **~ прóсьбы** гьари къабул гьаби 2) (*чувство*) разилъи; **с большиґ м ~м** цIакъ разиго (кIудияб разилъигун) 3) *уст. (возмещение за обиду*) рецIел боси, бидуца бецIи (*танчиде вахъиналда, дуэлалда)*

УДОВЛЕТВОРЁННОСТЬ *ж* разилъи, хIалхьей

УДОВЛЕТВОРЁННЫЙ, -ая, -ое 1) (*довольный*) разияб, хIал хьараб 2) (*осуществленный*) тIубазабураб

УДОВЛЕТВОРИ́ТЕЛЬНО 1) *нареч.* гьоркьохъеб хIалалда, бегъулеб хIалалда; **рабóта выґполнена** ~ хIалтIи бегъулеб хIалалда тIубазабун буго 2) *в знач. сущ. с нескл. (оценка)* гьоркьо-хъеб къимат, лъабилаб, удовлетворительно

УДОВЛЕТВОРИ́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое лъикIаб, гIураб къадаралъ гьабураб, разилъизе бегъулеб; **~ая рабóта** разилъизе бегъулеб хIалтIи

УДОВЛЕТВОРИ́ ТЬ *сов.* 1) *кого-что* къабул гьабизе; ~ *чью-л.* **прóсьбу** *лъилниги* гьари къабул гьабизе 2) *что* тIубазабизе; **~ потрéбности населéния** халкъалъул тIалабал тIуразаризе

УДОВЛЕТВОРИ́ //ТЬСЯ *сов. чем* разилъизе; **я ~лся егó отвéтом** досул жавабалдаса дун разилъана

УДОВЛЕТВОРЯ́ТЬ *несов.* 1) *см.* **удовлетвориґть**; 2) *чему (соответствовать*) данде ккезе, рекъон ккезе; ~ *чьим-л.* **трéбованиям** *лъилниги* тIалабазда рекъон ккезе

УДОВЛЕТВОРЯ́ ТЬСЯ *несов. см.* **удовлетвориґ ться**

УДОВÓЛЬСТВИЕ *с* 1) (*чувство*) лазат, рахIат, рохел; **достáвить** *кому-л.* ~ *щивниги* вохизавизе; **испытывать** ~ лазат букIине; **находиґ ть** *в чём-л.* ~ *сундасаниги* лазат босизе 2) (*развлечение*) кеп; ихтилат-кеп

УДОВÓЛЬСТВОВАТЬСЯ *сов. чем* разилъизе, разиго, лазаталда вукIине

УДÓД *м (птица)* гьудгьуд

УДÓ//Й *м* 1) (*количество*) бечIчIараб рахьдал къадар; **сýточный ~й** сордо-къоялда жаниб бечIчIулеб рахь 2) *(доение)* бечIчIи; **молокó ýтреннего ~я** радал бечIчIараб рахь

УДÓЙНОСТЬ *ж* 1) хIайваналъул кигIаналиго къадар рахь кьун бажари 2) бечIчIараб рахьдал къадар

УДОРОЖÁНИЕ *с* **1.** (*по гл.* **удорожиґ ть**) хира гьаби **2**. (*по гл.* **удорожиґ ться)** хиралъи

УДОРОЖÁТЬ *несов. см.* **удорожиґ ть**

УДОРОЖИ́ ТЬ *сов. что* хира гьабизе, хиралъизабизе

УДОРОЖИ́ ТЬСЯ *сов.* хиралъизе

УДОСТÁИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **удостóить(ся)**

УДОСТОВЕРЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **удостовéрить**) тасдикъ гьаби, ритIухъ гьаби, мухIкан гьаби, ракI чIезаби 2) (*документ*) ритIухъ гьабулеб кагъат, удостоверение; **командирóвочное** ~ командировкаялда вукIиналъул удостоверение; ~ **личґности** щив чияли бицунеб удостоверение

УДОСТОВÉРИТЬ *сов. что* тасдикъ гьабизе, ритIухъ гьабизе, мухIкан гьабизе, ракI чIезабизе; ~ **пóдпись** гьолбас тасдикъ гьабизе

УДОСТОВÉРИТЬСЯ *сов. в чём* ракI чIезе, мухIканлъизе, якъинлъизе; ~ **в прáвильности сообщéния** лъазаби ритIухъаб букIиналда ракI чIезе

УДОСТОВЕРЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **удостовéрить(ся)**

УДОСТÓИТЬ *сов. кого-что* 1) *чего (звания, степени и т. д.*) мустахIикъаблъун рикIкIине 2) *чем. ирон.:* **не** ~ *когó-л.* **и взгляґ -дом** *лъидехунниги* цо бергIаги рехунгутIизе (тIамунгутIизе)

УДОСТÓИТЬСЯ *сов. чего* 1) *чего (звания, награды*) мустахIикълъизе; ~ **правиґтельственной награ́ды** хIукуматалъулаб шапакъаталъе мустахIикълъизе 2) *чего и с неопр., чаще ирон.* мустахIикъаблъун букIине

УДОСУ́ ЖИВАТЬСЯ *несов. см.* **удосýжиться**

УДОСÝЖИ//ТЬСЯ *сов. с неопр., разг.* регIизе, регIел бу-кIине, заман батизе (*сундуениги*); **он не ~лся зайтиґ** жаниве ва-чIине заман батичIо досда

УДОЧЕРИ́ ТЬ *сов. кого* яслъун гьайизе

УДОЧЕРЯ́ ТЬ *несов. см.* **удочериґ ть**

У́ ДОЧК//А *ж* гьармахъ ◊ **закиґ нуть ~у** кIичI рехизе (*балъго, гьоркьанго лъазабизе*); **поймáть на ~у** гуккизе; **попáсться на ~у** гуккизе (кIичIикье ккезе) чIезе

УДРÁТЬ *сов. разг.* лъутизе, тIуризе; ~ **из дóму** рокъоса лъутизе, тIуризе; цевеса тIагIине

УДРУЖИ́ТЬ *сов. кому, разг.* 1) (*оказать услугу*) гьудул-лъиялъулаб хъатир гьабизе, гIаданлъи, кумек гьабизе 2) *перен. ирон. (причинить вред*) лазатбахъи гьабизе, зарал гьабизе

УДРУЧÁТЬ *несов. см.* **удручиґ ть**

УДРУЧЁНН//ЫЙ, -ая, -ое пашманаб, ракI бакъвараб, ракI бекараб, ургъел тIаде бегараб, дуниял баччараб, къваридаб; **~ый человéк** пашманав чи; **~ое состоя́ние** ракI бекараб хIал

УДРУЧИ́ //ТЬ *сов. кого (сильно огорчить)* пашманлъизавизе, ракI бакъвазабизе, ракI бекизабизе, ургъел тIаде бегизабизе, дуниял баччизабизе, къварилъизавизе; **э́ то извéстие егó крáйне ~ло** гьеб хабаралъ кутакалда ургъел тIаде бегизабуна досде

УДУШИ́ ТЬ *сов. кого* гьанкъизе, гьанкъун хвезабизе (*газалъ ва гь. ц.*)

УДУ́ШЛИВ//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*душный*) хIухьел лъугIизабулеб, хIалуцинарулеб, хIухьел къотIизабулеб, хIухьел цIазе кIоларе б; **~ый зáпах** хIухьел къотIизабулеб махI; **~ая жарá** хIухьел цIазе захIмалъулеб багIари; **~ый день** цIакъго багIарараб, хIухьел цIазе кIоларе б къо 2) *хим.* гьанкъизабулеб; **~ые гáзы** гьанкъизарулел газал

УДУ́ШЬ//Е *с (расстройство дыхания)* хIухьел хехлъи, хIухьел цIазе кIунгутIи, керен хIалуцин, керен хехлъи

УЕДИНЕ́НИЕ *с* I. (*по гл.* **уединиґ ть**) жибго цохIо хутIизаби, янгъизлъизаби, ялгъузлъизаби 2. (*по гл.* **уединиґ ться**) жибго цохIо хутIи, янгъизлъи, ялгъузлъи 3. (*одиночество*) живго цохIо, кIа-лъазе чи гьечIого вукIин, янгъизлъи, ялгъузлъи; **он люґбит** ~ живго цохIо вукIине бокьула досие

УЕДИНЁНН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*одинокий*) жибго цохIо бугеб, янгъизаб, ялгъузаб; **~ый дом** янгъизаб мина 2) (*отдаленный*) гIадамаздаса рикIкIад бугеб; **~ое мéсто** гIадамаздаса рикIкIад бугеб бакI

УЕДИНИ́ ТЬ *сов. кого* жибго цохIо хутIизабизе, янгъизлъизабизе, ялгъузлъизабизе

УЕДИНИ́ ТЬСЯ *сов.* жибго цохIо чIезе, янгъизлъизе, ялгъузлъизе

УЕДИНЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **уединиґ ть(ся)**

УЕ́ЗД *м уст.* уезд (*цебе цо-цо губерниялда букIараб районияб рикъиґ*)

УЕ́ЗДНЫЙ, -ая, -ое *уст.* уездалъул; ~ **гóрод** уездалъул шагьар, уездалъул центрлъун кколеб шагьар

УЕЗЖÁТЬ *несов. см.* **уéхать**

УЕ́ХА//ТЬ *сов. сунданиги* рекIун ине; **~ть на курóрт** курорталде ине; **он ~л пóездом** дов поездалда ана; **он ~л в дерéвню** дов росулъе ана; **онá ~ла из Москвы́** дой Москваялдаса ана

УЖ[1] *м зоол.* хоноборохъ ◊ **извива́ться ужóм** *перед кем-л. щибниги къваригIун, кинаб букIаниги мурадалда* хIелхIедизе

УЖ[2] **1.** *нареч. см.* **ужé; 2**. *частица усил.* -ха; -гIан; **не так уж плóхо** гьедигIан квеш гьечIебха; **уж я не знáю** дидагиха лъаларе б

УЖÁЛИТЬ *сов. кого* хIунчизе, хеч къазабизе (*борхьица, найица*)

У́ ЖАС 1. *м* 1) (*страх*) кутакаб хIинкъи; **привестиґ в** ~ кутакалда хIинкъизабизе; **приходиґть в** ~ кутакалда хIинкъизе; **егó охватиґ л** ~ дов гIасиго хIинкъана 2) *мн.* **~ы** балагъал, гIазабал; **~ы войны́** рагъул гIазабал 3) (*трагичность, безвыходность*) квешаб хIал, хIинкъараб хIал **2.** *в знач. нареч. разг.* цIакъ, кутакалда; ~ **как хóлодно** цIакъ кутакалда квачан буго ◊ **какóй ~!** балагьеха цо ккун бугеб (квешаб) жо!

УЖАСÁТЬ(СЯ) *несов. см.* **ужаснýть(ся)**

УЖАСÁЮЩИЙ, -ая, -ее *разг. (отвратительный*) ракI гьанцIизабулеб, нахъегIанаб, инжитаб

УЖÁСНО 1. *нареч. (очень плохо)* гIасиго, кутакалда; цIакъ квеш; **он ~ вы́ глядит** дов вихьизе цIакъ квеш вуго; **я ~ рад** дун кутакалда вохарав вуго **2**. *в знач. сказ. разг.* квеш буго, цIакъго квеш буго; **э́ то ~!** гьеб цIакъ квеш буго!

УЖАСНÝТЬ *сов. кого* кутакалда хIинкъизабизе, гIасиго хIинкъизабизе, цIакъ хIинкъизабизе

УЖАСНÝТЬСЯ *сов.* кутакалда хIинкъизе, гIасиго хIин-къизе, цIакъ хIинкъизе

УЖА́СН//ЫЙ, -ая, -ое ракI хIинкъизабулеб, ракI гъанцIизабулеб, ракI зунизабулеб, гIасияб; **~ый крик** гIасияб гьаракь; **~ая боль** гIасияб унти

У́ЖЕ *сравн. ст. к* **у́зкий** *и* **у́зко; доро́га ста́ла** ~ нух чIедерлъун буго

УЖЕ́ *нареч.* 1) цебего; **он ~ уе́хал** дов цевего ана 2) гьанже; ~ **по́здно** гьанже кватIун буго

УЖЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **уди́ ть**) гъармахъалъ ччугIа кквей

УЖИВА́ТЬСЯ *несов. см.* **ужи́ ться**

УЖИ́ВЧИВОСТЬ *ж* гIадамазда гьорлъ восизе кIвей, хIал рекъезабизе лъай

УЖИ́ВЧИВЫЙ, -ая, -ое гIадамазда гьорлъ восун вукIине кIолев, хIал рекъезабизе лъалев; *гьединав* чиясе хасиятаб (*гIамал ва гь.ц.*)

УЖИ́МКИ *мн.* (*ед.* **ужи́мка** *м*) кIичIарди, кIал-бер кIичIи (*тIабигIияб гуреб*)

У́ ЖИН *м* боголиквен, къасиквен; **по́сле ~а** боголидаса хадуб

У́ЖИНАТЬ *несов.* къаси кваназе, боголида кваназе (къаси-квен кваназе)

УЖИ́ //ТЬСЯ *сов.* 1) *с кем* ргIи данде ккезе, махI рекъезе, хIал рекъезе, ругьунлъун ккезе; **они́ не ~лись** дозул хIал рекъечIо (*ратIалъизе ккана*) 2) (*остаться жить где-л.*) яшав рекъон ккезе; **он отли́чно ~лся в го́роде** шагьаралъул яшавалде дов цIакъ лъикI ругьунлъана

УЖУ́ *наст. от* **уди́ ть**

УЗАКОНЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **узако́нить**) законлъун чIезаби, къанунлъун лъугьинаби, законияблъун гьаби

УЗАКО́НИТЬ *сов. что* законлъун чIезабизе, законияблъун гьабизе, къанунлъун лъугьинабизе

УЗБЕ́К *м* узбекав

УЗБЕ́КИ *мн.* узбекал

УЗБЕ́КСКИЙ, -ая, -ое узбеказул; **~ язы́ к** узбек мацI

УЗБЕ́ЧКА *ж* узбекай

УЗД//А́ *ж* квелъ, чIолохъжо, (чIолорхъо); **наде́ть на ло́шадь ~у́** чода чIолохъжо базе ◊ **держа́ть** *кого-л.* **в ~е** кьуризе вичча-чIого чIезавизе, мукIурго хьвадизавизе

УЗДЕ́ЧКА *ж см.* **узда́**

УЗДЦЫ́ *мн.: **держа́ть ло́шадь под*** ~ ракьандаса (кIалдиразда аскIоса) квельги ккун чу чIезабизе

У́ ЗЕЛ[1] *м* 1) гарацI; **завяза́ть** ~ гарацI базе 2) (*сверток*) бухьа-къараб жо; **связа́ть ве́щи в** ~ къайи-цIа (*босизе санагIатаб куцалъ*) бухьа-къазе 3) (*место скрещения чего-л.*) *щалниги* журалеб бакI; **железнодоро́жный** ~ маххул нухал журалеб бакI 4) (*прическа*) нахъехунги бачун кьурун бухьараб рас 5) узел; **почто́во-телегра́фный** ~ почалъулгин телеграфалъул узел 6) *анат.*: **не́рвный** ~ нерваби данде руцIцIараб бакI; нервазул гарацI 7) *тех.* узел (*чанго алат цолъараб бакI*) 8) *бот.* рижулел жалазул чIил, гIекI, тIамах (кIанцIулеб) баккулеб бакI ◊ **морско́й** ~ гамихъабазул хасаб гарацI

У́ ЗЕЛ[2] *м мор. (мера скорости)* узел (*сагIатIалда жаниб гамица 1,87 км теялъул хIисабги гьабун, чIезабураб хехлъиялъул роцен*)

У́ ЗК//ИЙ, -ая, -ое 1) (*неширокий*) чIедераб, кьваридаб, тIеренаб; **~ая у́лица** чIедераб кьватI; **~ие рукава́** кьваридал кьвалал 2) (*ограниченный*) **в ~ом кругу́ друзе́й** дагьалго гьудулзабазда гьоркьоб; **~ая специа́льность** цо хасаб хIалтIуе гурони ярагьунареб махщел 3) *перен. (недалекий – о кругозоре)* загIипаб лъаялъул 4) *лингв.*: **~ий гла́сный** мацIалде хIал кьун, кIал рагьичIого бахъулеб рагьараб гьаракь

УЗКОКОЛЕ́ЙКА *ж разг.* чIедераб маххул нух

УЗКОКОЛЕ́ЙН//ЫЙ, -ая, -ое *разг.*: **~ая желе́зная доро́га** чIедераб маххул нух; чIедераб маххул нухалъе бугеб (нухда хIалтIизабулеб)

УЗКОЛО́БЫЙ, -ая, -ое 1) нодо чIедерав 2) *перен. разг. (ограниченный, недалекий)* загIипаб пикруялъул *(чи)*

УЗКОПЛЁНОЧНЫЙ, -ая, -ое чIедераб плёнкаялъул, чIедераб плёнка лъолеб; **~ фотоаппара́т** чIедераб плёнка лъолеб фотоаппарат

УЗКОСПЕЦИА́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое хасаб, хас гьабун цо ишалде буссараб

УЗЛА́[1,2], узлу́ *и т. д. род., дат. п. и т. д. от* **у́зел[1,2]**

УЗЛОВА́ТЫЙ, -ая, -ое гарцIахараб (*имеющий узлы*), понцIорал бакIал ругеб (*имеющий утолщения*)

УЗЛОВ//О́Й, -ая, -ое 1) (*являющийся центром*) гIемерал нухал цолъулеб; **~ая ста́нция** гIемерал нухал цолъулеб станция 2) *перен. (основной)* аслияб; **~о́й вопро́с** аслияб суал

УЗНАВА́ТЬ *несов. см.* **узна́ть**

УЗНА́ //ТЬ *сов.* 1) *кого-что (опознать)* батIа бахъизе лъазе; **я ~л его́ по го́лосу** дида дов гьаркьидасан лъана ватIа вахъизе 2) *что о ком-чём* лъазе; **~ть но́вости по ра́дио** радиоялдасан цIиял харбал лъазе; **~йте, до́ма ли он** дов рокъов вугищали лъазабе 3) *что (познать*) бихьизе, лъазе; **~ть тру́дности** захIмалъаби рихьизе

У́ ЗНИК *м* туснахъ, жанив тIамурав чи

У́ ЗНИЦА *ж* туснахъ (*чIужугIадан*), жаний тIамурай гIадан

У́ ЗОК, узка́, у́зко *кратк. форм. от* **у́зкий**

УЗО́Р *м* накъиш, расен, терек

УЗО́РНЫЙ, -ая, -ое, **узо́рчатый,** -ая, -ое накъишал ругеб, расен бугеб, терек кьабураб; **узо́рчатая ткань** терек кьабураб ххам; **узо́рчатые занаве́ски** тIад расен бугел гордаригъал

У́ЗОСТЬ *ж* чIедерлъи, кьварилъи 2) *перен. (ограниченность)* загIиплъи (*гIакълуялъул, пикруялъул*)

УЗРЕ́ТЬ *сов. кого-что (усмотреть)* бихьизе, бугеблъун хIисаб гьабизе

УЗУРПА́ТОР *м* зулму-хIалалдалъун хIукумат, ихтияр кодобе босарав чи, зулму-хIал гьабулев чи

УЗУРПИ́ РОВАТЬ *сов. и несов. что* зулму-хIалалдалъун хIукумат, ихтияр кодобе босизе, зулму-хIал гьабизе

УЗУРПА́ЦИЯ *ж* зулму-хIалалдалъун хIукумат, ихтияр кодобе боси, зулму-хIал гьаби

У́ЗЫ *мн.* 1) *уст. (оковы)* маххал, рахсал, хIухьдул (*туснахъазда ралел*) 2) *перен. высок.* бухьенал, хурхенал; **~ дру́жбы** гьудуллъиялъулал бухъенал

УЙГУ́ Р *м* уйгурав

УЙГУ́ РКА *ж* уйгурай

УЙГУ́ РСКИЙ, -ая, -ое уйгуразул; **~ язы́ к** уйгуразул (уйгур) мацI

УЙГУРЫ *мн.* уйгурал

УЙДУ́ , уйдёшь *и т.д. буд. от* **уйти́**

У́ЙМА *ж разг. (множество)* гIемераб; гIемераб къадар; **~ наро́ду** гIемераб халкъ; **~ де́нег** гIемераб гIарац

УЙМУ́ (СЬ), уймёшь(ся) *и т. д. буд. от* **уня́ ть(ся)**

УЙТИ́ *сов.* 1) (*отправиться*) ине, нахъе ине; **~ домо́й** рокъове ине; **по́езд ушёл у́тром** поезд радал ана; **он ушёл в о́тпуск** дов отпускалде (отпускаялъ) ана 2) (*убежать, спастись*) ворчIизе; **~ от распла́ты** рецIелалдаса ворчIизе; **~ от пресле́дования** хадурлъугьиналдаса ворчIизе 3) (*покинуть*) нахъе ине; **~ с рабо́ты** хIалтIудаса нахъе ине 4) *во что, перен.* тIаделъизе, машгъуллъизе; **~ в рабо́ту** хIалтIуде машгъуллъизе 5) лъугIизе, ине; **вре́мя ещё не ушло́** жеги заман лъугIун гьечIо 6) (*расходоваться*) ине; **на костю́ м уйдёт три ме́тра** костюмалъе уна лъабго метр 7) *разг. (при кипении)* тIасан бачIине; **молоко́ ушло́** рахь тIасан бачIана ◊ **душа́ ушла́ в пя́тки** рухI агъазул хIубалъе ана, гIасиго хIин-къана; **~ на поко́й** хIалхьиялде ине (*херлъун*); **далеко́ ~** кIудиял бергьенлъаби щвезе; **~ вперёд** цебе ине, цебе тIезе

УКА́З *м* указ, тIадегIанаб идараялъул яги пачалихъалъул бетIерасул амру; **ука́з президе́нта** президентасул указ ◊ **ты мне не ~** дур ргIи дие закон гуро; мун дие мисал гуро

УКАЗА́НИ//Е *с* **1.** (*по гл.* **указа́ть**) бихьизаби; **~ на недоста́тки** гIунгутIаби рихьизари 2) (*совет, замечание*) бихьизаби, малъи, малъа-хъвай; **дать соответствующие ~я** рекъон кколел малъа-хъваял гьаризе

УКА́ЗАНН//ЫЙ, -ая, -ое бихьизабураб, чIезабураб; **прийти́ в ~ое вре́мя** бихьизабураб заманаялда вачIине

УКАЗА́ТЕЛЬ *м* 1) (*дорожный*) указатель, игIлан, гIуж; **~ доро́ги** нух бихьизабулеб игIлан 2) (*справочник*) указатель, сияхI; **библиографи́ческий** ~ библиографияб сияхI 3) *тех. щибниги* бихьизабулеб алат; **~ ско́рости** хехлъи бихьизабулеб алат

УКАЗА́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое *щибниги* бихьизабулеб, *сунденниги* ишара гьабулеб; **~ая стре́лка** *щибниги* жоялде ишара гьабулеб чIорил сурат; **~ое местоиме́ние** *грам.* ишараялъул цIарубакI ◊ **~ый па́лец** чIикIарулеб килищ (чIикIвакилищ)

УКАЗА́ТЬ *сов.* 1) *кого-что (показать)* бихьизабизе; **~ путь** нух бихьизабизе 2) *на кого-что (разъяснить, обратить внимание*) бихьизабизе, кIвар буссинабизе; **~ на недоста́тки в рабо́те** хIалтIулъ ругел гIунгутIабазде кIвар буссинабизе ◊ **~ ме́сто** жиндирго бакI бихьизабизе, мухъилъ чIезавизе; **~ на дверь** къватIиве гьезе, вачахъизе, мугъ берцин гьабизабизе

УКА́ЗК//А *ж* 1) (*палочка*) указка (*щибниги бихьизабизе хIалтIизабулеб тIил, хьоп*) 2) *разг. (указание)* амру, буюрухъ, бихьизаби ◊ **де́йствовать по** *чьей-л.* **~е** *лъилниги* бихьизабиялда рекъон хIалтIизе, иш гьабизе

УКА́ЗЧИК *м разг.* малъарухъан

УКА́ЗЧИЦА *ж* малъарухъан (*чIужугIадан*)

УКА́ЗЫВАТЬ *несов.* 1) *см.* **указа́ть**; 2) *на что (свидетельствовать о чём-л.*) нугIлъи гьабизе, бихьизабизе

УКАТА́ТЬ *сов. что* мерхьун бокъинабизе; **~ доро́гу** нух бокъинабизе

УКАТИ´ //ТЬ *сов.* 1) *что* гиризабизе, гиризабун бачине; **~ть бо́чку** бочка гиризабизе 2) *разг. (уехать) сунданиги* рекIун, ине; **он вчера́ ~л в Москву́** дов сон Москваялде ана

УКА́ТЫВАТЬ[1] *несов. см.* **уката́ть**

УКА́ТЫВАТЬ[2] *несов. см.* **укати´ ть**

УКАЧА́//ТЬ *сов. кого* 1) (*усыпить*) кIибикIун кьижизабизе; **ребёнка бы´стро ~ли** лъимер кIибикkIун хехго кьижизабуна 2) (*измучить качкой*) хьвагIеялъ, кIибикIиялъ гIадхазе, ракI сверизе; **на парохо́де его́ ~ло** гамида досул ракI сверана

УКА́ЧИВАТЬ *несов. см.* **укача́ть**

УКЛА́Д *м* 1) (*жизни*) къагIида 2) *эк.* магIишат гIуцIулеб, бачунеб къагIида

УКЛА́ДКА *ж* **1.** (*по гл.* **укла́дывать**) лъей, сокIкIин, рекъезаби; **~ ре́льсов** рельсал лъей **2**. (*прическа*) *хасаб къагIидаялъ бетIералда расги рекъезабун гьабураб* катIари

УКЛА́ДЧИК *м* укладчик (*щибниги* сокIкIунев чи)

УКЛА́ДЧИЦА *ж* укладчица, *щибниги* сокIкIуней гIадан

УКЛА́ДЫВАТЬ *несов. см.* **уложи´ ть**

УКЛА́ДЫВА//ТЬСЯ *несов. см.* **уложи´ться; у меня´ э´ то не ~ется в голове́** дир пикруялъ гьеб къабул гьабулеб гьечIо

УКЛО́Н *м* 1) (*покатая поверхность*) гьетIи´ , тIебелбай, цояб рахъалдехун хьвай, гIодоберай; **по́езд идёт под ~** поезд гIодоберяялъ унеб буго 2) *полит.* партиялъул нухдаса гьетIи; **пра́вый ~** кваранаб гьетIи; **ле́вый ~** квегIаб гьетIи 4) (*направленность*) цо рахъалде буссин; **шко́ла с техни´ ческим ~ом** техникияб рахъалде кIвар буссинабураб школа

УКЛОНЕ́НИЕ *с* (*от прямого пути и т. д.*); свери, кьури, гьетIи, цо рахъалде хьвай (*от обязанностей*); вахчари; (*от темы*) темаялдаса кьури

УКЛОНИ´ //ТЬСЯ *сов. от чего* 1) (*отстраниться*) гьетIизе, цояб рахъалдехун хьвазе; **~ться от уда́ра** кьабулеб жоялдаса цояб рахъалде хьвазе 2) (*отойти в сторону, напр. о дороге*) кьуризе, сверизе 3) *перен. (отвлечься)* кьуризе; **докла́дчик ~лся от те́мы** докладчик темаялдаса кьурана 4) *перен. (избежать*) ворчIизе жигар бахъизе **~ться от прямо́го отве́та** битIараб жаваб кьеялдаса ворчIизе жигар бахъизе; **~ться от отве́тственности** жавабчи-лъиялдаса ворчIизе жигар бахъизе

УКЛО́НЧИВЫЙ, -ая, -ое жиндирго пикраби чIван къотIун загьир гьаруларев; чIванкъотIи, ракIрагьи гьечIеб; жаваб кьолаго, дове-гьаниве гьетIарулев

УКЛОНЯ´ ТЬСЯ *несов. см.* **уклони´ ться**

УКЛЮ́ЧИНА *ж* расаялдехун раххан щула гьабулеб квегIенлъи

УКО́Л *м* 1) (*по гл.* **уколо́ть**) хIунси, хIунчи, къазаби 2) (*по гл.* **уколо́ться**) хIунси, хIунчи, къай; **~ иго́лкой** рукIкIаца хIунчи 3) (*инъекция*) укол (*рукIкIен къазабун, дару биччай*) 4) *перен. разг.* (*обида*) бухIизабулеб, хIунсулеб, хIунчулеб рагIи яги иш; рекIеда хIунси

УКОЛО́ТЬ *сов.* 1) *кого-что (наколоть*) хIунсизе, хIунчизе, къазабизе, тункизе, чIвазе; борлъизе; **~ ру́ку була́вкой** кверда кIичIвалеб рукIкIен хIунсизе 2) *кого, перен. (обидеть, уязвить*) рекIеда унтизабизе, квеш букIинабизе, ракI бекизабизе; *~ кого-л.* **замеча́нием** бадибчIвай гьабун *лъилниги* ракI бекизабизе

УКОЛО́ТЬСЯ *сов.* хIунсизе, хIунчизе, къазе, тункизе, (*жиндаго*)

УКОМПЛЕКТОВА́НИЕ *с сундулниги* гIураб къадар данде гьаби; комплект гьаби, комплект гIезаби, гIуцIи

УКОМПЛЕКТОВА́ТЬ *сов. что* комплект гьабизе, комплект гIезабизе, гIуцIизе

УКОМПЛЕКТОВА́ТЬСЯ *сов.* комплект лъугьине, комплект гIезе

УКОМПЛЕКТО́ВЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **укомплектова́ть(ся)**

УКО́Р *м* гIайиб, бадибчIвай, гъвел, гIайиб-гъвел; **смотре́ть с ~ом** гIайиб-гъвелгун валагьизе ◊ **~ со́вести** намусалъ кьолеб гIазаб (*жиндаго гIайиб букIин бичIчIи*)

УКОРА́ЧИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **укороти´ ть(ся)**

УКОРЕНЕ́НИЕ *с* 1) (*по гл.* **укорени´ ть**) щулалъизаби, кьалбал риччазари, рекIелъ бессизаби 2) (*по гл.* **укорени´ться**) щулалъи, кьалбал риччай, рекIелъ боси (бесси)

УКОРЕНИ́ВШ//ИЙСЯ, -аяся, -еяся щулалъараб, кьалбал риччараб, рекIелъ бессараб; **~иеся привы´чки** щулалъарал, гъорлъ рессарал ругьунал гIамалал

УКОРЕНИ́ТЬСЯ *сов.* 1) (*о растении*) рекIине, кьалбал щулалъизе 2) (*о привычке, обычае*) щулалъизе, рекIелъ босизе, тезе кIвеялдаса ине (*ругьунаб гIамал, гIадат*)

УКОРЕНЯ´ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **укорени´ ть(ся)**

УКОРИ´ ЗН//А *ж* гIайиб, бадибчIвай, гъвел, гIайиб-гъвел; **говори´ ть с ~ой** гIайиб-гъвел гьабун кIалъазе

УКОРИ́ЗНЕННО *нареч.* гIайиб чIван, гIайиб-гъвелгун, бадибчIваялдалъун

УКОРИ́ЗНЕНН//ЫЙ, -ая, -ое гIайиб чIвалеб, гIайиб-гъвел гьабулеб, бадибчIваялъул, рекIеда хIунсулеб; **~ые слова́** бадирчIваялъул рагIаби; **~ый взгляд** рекIеда хIунсулеб балагьи

УКОРИ́ТЬ *сов.* гIайиб чIвазе, гIайиб-гъвел гьабизе, бадиб чIвазе, бадибчIвай гьабизе

УКОРОТИ́ТЬ *сов. что* къокълъизабизе, къокъ гьабизе; **~ рукава́** кьвалал къокъ гьаризе; **~ во́лосы** рас къокъ гьабизе; **~ срок исполне́ния** *чего-л. цибниги иш* тIубаялъул болжал къокъ гьабизе

УКОРОТИ´ ТЬСЯ *сов.* къокълъизе, къокълъун ине

УКОРЯ́ТЬ *несов. см.* **укори´ ть; ~ в нем´ скренности** ракIбацIцIалъи гьечIилан гIайиб чIвазе

УКО́С *м с.-х. (количество скошенной травы*) бецараб харил кьадар; **большо́й ~** бецараб гIемераб хер

УКРА́ДКОЙ *нареч.* цIогьохъего, балъго, бахча-хьван, бихьичIого, бихьуларедухъ; **посмотре́ть** *на кого-л. ~ лъихъниги* балъго валагьизе

УКРАИ´ НЕЦ *м* украинав

УКРАИ´ НКА *ж* украинай

УКРАИ́НСКИЙ, -ая, -ое украиназул, Украинаялъул; **~ язы´к** украин мацI

УКРАИ´ НЦЫ *мн.* украинал

УКРА́СИТЬ *сов. кого-что чем* берцин гьабизе, берцинлъизабизе, чIухIизабизе, къачIазе; **~ цвета́ми** тIугъдуз берцин гьабизе 2) *перен.* берцин гьабизе; **~ речь посло́вицами** кицабаз калам берцин гьабизе

УКРА́СИТЬСЯ *сов. чем* берцинлъизе, берцинлъизабун букIине, чIухIизабун букIине, къачIан букIине

УКРА́СТЬ *сов. кого-что* бикъизе

УКРАША́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **укра́сить(ся)**

УКРАШЕ́НИ//Е *с* **1.** (*по гл.* **укра́сить**) берцин гьаби, берцинлъизаби, чIухIизаби, къачIай **2**. (*предмет*) берцинлъизабулеб жо, чIухIизабулеб жо; **ёлочные ~я** ёлка чIухIизабулел жал 3) *перен. (гордость, слава*) чIу´хIи; **э´ тот студе́нт ~е ку́рса** гьав студент курсалъулго чIухIи ккола

УКРЕПИ́ТЬ *сов. что* 1) *прям., перен.* щула гьабизе, щулалъизабизе; **~ плоти´ ну** сангар щулалъизабизе; **~ фронт сторо́нников ми´ра** ракълил рахъ ккуразул фронт щулалъизабизе; **~ трудову́ю дисципли´ ну** захIматалъул гIадлу щулалъизабизе; **~ здоро́вье** сахлъи щулалъизабизе 2) *воен.* щулалъаби гьаризе

УКРЕПЙ//ТЬСЯ *сов.* 1) *прям. перен. (стать крепче)* щулалъизе; **здоро́вье ~лось** сахлъи щулалъана; **дру́жба ~лась** гьудуллъи щулалъана 2) *воен.* щулалъи ккун чIезе; **батальо́н ~лся о́коло моста́** батальон кьодухъ щулалъи ккун чIана

УКРЕПЛЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **укрепи́ть**) щулалъизаби, щула гьаби **2**. (*по гл.* **укрепи́ться**) щулалъи **3**. *воен. (оборонительное сооружение*) щулалъи; **береговóе ~** (*ралъдал, гIурул*) ргIалда гьабураб щулалъи

УКРЕПЛЁНН//ЫЙ, -ая, -ое *воен.* щула гьабураб, щулалъизабураб; **~ая пози́ ция** щулалъизабураб (аскаралъ) ккураб бакI

УКРЕПЛЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **укрепи́ ть(ся)**

УКРЕПЛЯ́ ЮЩИЙ, -ая, -ее щулалъизабулеб, щула гьабулеб

УКРО́МН//ЫЙ, -ая, -ое бахчараб, халватаб; чи гьечIеб, хьвараб; **~ое ме́сто** хьвараб бакI

УКРО́П *м бот.* гIурусгъаран

УКРОТИ́ ТЕЛЬ *м* квегъулев чи, мутIигI гьарулев чи (*гIалхул хIайванал*)

УКРОТИ́ ТЕЛЬНИЦА *ж* квегъулей гIадан, мутIигI гьарулей гIадан

УКРОТИ́ТЬ *сов.* 1) *кого* квегъизе, мутIигI гьабизе; **~ зве́ря** жанавар квегъизе, мутIигI гьабизе 2) *что (чувства, характер*) гIодоцинабизе, гIодобе буссинабизе; **~ свой гнев** жиндирго щин гIодобе буссинабизе

УКРОЩА́ТЬ *несов. см.* **укроти́ ть**

УКРОЩЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **укроти́ть**) 1) (*животного*) квегъи, гIодобе буссинаби 2) (*гнева и т. п.*) гIодоцинаби, гIодобе буссинаби

УКРУПНЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **укрупни́ть**) чIахIалъизе гьаби, чIахIа гьаби, чIахIалъизаби; кIодо гьаби, кIодолъизаби; **~ ме́лких колхо́зов** гIисинал колхозал цолъизарун чIахIа гьари 2) (*по гл.* **укрупни́ ться**) чIахIалъи, кIодолъи

УКРУПНЁННЫЙ, -ая, -ое (*цолъизабун*) чIахIа гьабураб, (*цойиде кIутIун*) кIодолъизабураб; **~ колхо́з** цойиде кIутIун кIодолъизабураб колхоз

УКРУПНИ́ ТЬ *сов. что* (*цолъизабун*) чIахIа гьабизе, (*цойиде кIутIун*) кIодолъизабизе

УКРУПНИ́ ТЬСЯ *сов.* чIахIалъизе, кIодолъизе

УКРУПНЯ́ ТЬСЯ *несов. см.* **укрупни́ ть(ся)**

УКРЫВА́ТЕЛЬ *м* бахчулев чи, балъго гьабулев чи (*квешаб иш*); **~ кра́деного** бикъараб жо бахчулев чи

УКРЫВА́ТЕЛЬСТВО *с* ургъунго бахчи, балъго гьаби (*квешаб иш*)

УКРЫВА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **укры́ ть(ся)**

УКРЫ́ТИ//Е *с* **1.** (*по гл.* **укры́ть**) бахчи, тIупун бахчи **2**. (*убежище*) рахчулеб бакI, рахчизе гьабураб бакI (*бомбаялдаса ва гь.ц.*); **в ~и** бахчараб бакIалда, рахчизе гьабураб бакIалда

УКРЫ́ ТЬ *сов. кого-что* 1) (*укутать*) тIад жо базе, тIупизе; **~ ребёнка одея́лом** лъимада тIад юргъан базе 2) (*скрыть, спрятать*) бахчизабизе

УКРЫ́ТЬСЯ *сов.* 1) *чем (укутаться)* жиндаго тIад жо базе, тIупа-къан вукIине, жема-къемун вукIине 2) (*спрятаться, скрыться*) бахчизе, бахчун чIезе 3) (*остаться незамеченным*) лъачIого хутIизе, бахчичIого, тIатинчIого хутIизе; **от него́ ничто́ не укро́ется** досда лъачIого щибго хутIуларо

У́ КСУС *м* къанцIа

У́КСУСН//ЫЙ, -ая, -ое къанцIадул; къанцIадуе бугеб; **~ая кислота́** къанцIадул кислота; **~ая эссе́нция** цIакъ къвакIараб къанцIадул кислота

УКУ́С *м* **1.** хIанчIи, кIал бай; **~ комара́** кIкIараялъ хIанчIи **~ змеи́** борхьица хIанчIи; **~ соба́ки** гьойца кIал бай **2.** хIанчIараб бакI, кIал бараб бакI

УКУСИ́ //ТЬ *сов. кого-что* хIанчIизе, кIал базе; **соба́ка ~ла его́ за но́гу** гъойца досул махIалда хIанчIана

УКУ́ТАТЬ *сов. кого-что во что* тIупа-къазе,, тIад жо базе, жемизе, жема-къемизе

УКУ́ТАТЬСЯ *сов.* тIупа-къан чIезе, жиндаго тIад жо базе, жема-къемун чIезе

УКУ́ ТЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **уку́тать(ся)**

УЛА́ВЛИВАТЬ *несов. см.* **улови́ ть**

УЛА́ДИТЬ *сов. что* рекъезабизе, рекъа-решезабизе, битIабишизабизе, нухда ккезабизе, нухда бачине; **~ дела́** ишал рекъа-решезаризе; **~ спо́рный вопро́с** дагIбаяб суал рекъа-решезабизе

УЛА́ДИ//ТЬСЯ *сов.* рекъезе, рекъа-решезе, битIа-бишизе, нухда ккезе, нухде бачIине; **де́ло ~лось** иш нухда ккана

УЛА́ЖИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **улада́ить(ся)**

УЛА́МЫВАТЬ *несов. см.* **уломáть**

У́ ЛЕЙ *м* найил тIала; тIалиниб бугеб на, руккел

УЛЕТА́ТЬ *несов. см.* **улете́ть**

УЛЕТЕ́//ТЬ *сов.* 1) боржун ине; **самолёт ~л на се́вер** самолёт севералде боржун ана 2) (*миновать*) ине, тIаса гъоркье ине, тIагIине; **~ло счастли́вое вре́мя** талихIаб заман хехго (боржун) ана

УЛЕТУ́ ЧИВАТЬСЯ *несов. см.* **улету́читься**

УЛЕТУ́ЧИ//ТЬСЯ *сов.* 1) (*испариться*) хIухьел бахъун ине 2) *перен. разг. (исчезнуть*) тIагIине, биххун ине

УЛЕ́ЧЬСЯ *сов.* 1) (*лечь*) вегизе, гIебеде чIвазе, хьибил базе; 2) (*о пыли)* гIодоцине 3) (*ослабнуть*) секьизе, танкизе, гIодоцине, сасине; **ве́тер улёгся** гьури секьана; **волне́ние улегло́сь** риххахочи гIодоцана

УЛИЗНУ́ТЬ *сов. разг.* гъоркьа лъутизе, тIурун ине, балъго нахъе ине, хазабизе, борчIун ине; **~ из ко́мнаты** рокъоса балъго нахъе ине

УЛИ́К//А *ж* хIужжа, далил, нугIлъиялъе жо, бетIер кквезе жо; **все ~и налицо́** киналго хIужжаби цере руго; **прямы́е ~и** ритIахъегоял далилал

УЛИ́ТКА *ж* 1) *зоол.* цIадалхIама 2) *анат. (часть уха*) жанисеб гIинальул цо бутIа

У́ЛИЦ//А *ж* къватI; **гла́вная ~а** аслияб къватI; **на ~е** къотIноб; **вы́ йти на ~у** къватIиве ине; **войти́ с ~ы** къотIносан жаниве вачIине; **по ~е** къотIносан; **вы́ гнать** *кого-л.* **на ~у** *щивниги* къватIиве гъезе; **очути́ться на ~е** къотIнов хутIизе, рещтIине бакI гьечIого хутIизе

УЛИЧА́ТЬ *несов. см.* **уличи́ ть**

УЛИЧИ́ ТЬ *сов. кого-что в чём* къватIиб чIвазабизе, суризабизе; **~** *кого́-л.* **в кра́же** *лъилниги* цIогь тIатинабизе; **~** *кого-л.* **во лжи** *лъилниги* гьереси тIатинабизе

У́ЛИЧН//ЫЙ, -ая, -ое къватIалъул; къотIноб бугеб; **пра́вила ~ого движе́ния** къватIаздасан машинаби ва гIадамал хьвадиялъул къагIидаби; **~ый шум** къотIноб букIунеб ахIи-хIур, хъуй-хъай; **~ое движе́ние** къватIаздасан машинаби ва гIадамал хьвади

УЛО́В *м* кквей; ккураб ччугIил къадар; **большо́й ~ ры́ бы** гIемераб ччугIа кквей

УЛОВИ́МЫЙ, -ая, -ое кквезе кIолеб, лъазе кIолеб, чIинхъи бугеб; **едва́ ~ шёпот** ргIулеб-ргIулареб щуршур

УЛОВИ́ ТЬ *сов. что* 1) (*воспринять*) (*загIипго бихъулеб, ргIулеб, лъугьунеб жо*) ккезе 2) (*поймать*) ккезе; **~ звуково́ю волну́** радиоялъул гьаркьил карачел ккезе 3) *перен. (заметить)* бичIчIизе; нахъгIунтIизе; рекIелъ цIунизе, ккезе; **~ смысл** магIна бичIчIизе 4) *перен. (воспользоваться)* пайда босизе; **~ уде́бный моме́нт** данде кколеб лахIзаталдаса пайда босизе

УЛО́ВК//А *ж* хIилла, макру, сихIирлъиялъул нух; **прибега́ть к ра́зным ~ам** батIи-батIиял хIиллабаздаса пайда босизе; **~и не помогли́** хIилла-макруялъ кумек гьабичIо

УЛОЖИ́ТЬ *сов.* 1) *кого-что* бегизабизе; **~ дете́й** лъимал (*кьижизе*) регизаризе 2) *что (уместить)* гьинабизе; **~ ве́щи в чемода́н** къайи чемоданалъуб гьинабизе 3) *что (сложить в определенном порядке*) сокIкIине, рекъезабун лъезе; **~ до́ски штабе-ля́ми** хъарщи, мачIаби чIван, сокIкIине; **~ во́лосы** бетIералда рас рекъезабун лъезе 4) *кого разг. (убить)* ккезавизе, чIвазе 5) *что (в определенные пределы*) инабизе, гьинабизе; **~ статью́ в оди́ н лист** макъала цо тIанчида инабизе

УЛОЖИ́ /ТЬСЯ *сов.* 1) (*уместиться во что-л.*) гьине, ине; **ве́щи свобо́дно ~лись в чемода́н** къайи чемоданалъуб эркенго гьана 2) (*сложить, собрать*) бакIа-бахаризе, къачIазе 3) (*в определенные пределы*) ине, гьине; **~ться в сме́ту** сметаялда гьине

УЛОМА́ТЬ *сов. разг. (убедить, уговорить)* векизавизе, къуркьизавизе, мукIур гьавизе

УЛУЧА́ТЬ *несов. см.* **улучи́ ть**

УЛУЧИ́ТЬ *сов. что разг.* (захIматго) батизе, бищизе; **~ вре́мя для разгово́ра** гара-чIвариялъе заман батизе

УЛУЧША́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **улучши́ ть(ся)**

УЛУЧШЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **улу́чшить**) лъикIлъизаби, лъикI-лъизе гьаби, лъикI гьаби 2) (*по гл.* **улу́чшиться**) лъи́кIлъи, лъикI лъугьин

УЛУ́ЧШИТЬ *сов. что* лъикIлъизабизе, лъикIлъизе гьабизе, лъикI гьабизе; ~ **рабо́ту** хIалтIи лъикIлъизабизе; ~ **здоро́вье** сахлъи лъикIлъизабизе; цIикIкIинабизе; ~ **реко́рд** рекорд цIикIкIинабизе (*цебе букIаралдаса*)

УЛУ́ЧШИ//ТЬСЯ *сов.* лъикIлъизе, лъикI лъугьине; **пого́да ~лась** гьава-бакъ лъикIлъана; **его́ здоро́вье ~лось** досул сахлъи лъикIлъана

УЛЫБА́//ТЬСЯ *несов.* 1) гьимизе; **приве́тливо ~ться** разиго гьимизе 2) (*благоприятствовать*) санагIалъи ккезе, талихI ккезе, битIун ккезе, бихъун кьезе ◊ **жизнь ему́ ~ется** гьесул гьабулебщинаб данде билъгьунеб буго; **э́то мне не ~ется** гьеб даража дие киса щолеб жо

УЛЫ́ БКА *ж* гьими

УЛЬТИМАТИ́ВНЫЙ, -ая, -ое ультиматумалъул хасият бугеб, кьвараб куцалъ лъазабураб

УЛЬТИМА́ТУМ *м офиц.* ультиматум (*инкар гьабуни, лъикIаб жо ккеларилан хIинкъи кьураб тIалаб*)

УЛЬТРАЗВУ́К *м* ультразвук (*гIадамасул гIинда рагIулареб гьаракь*)

УЛЬТРАЗВУКОВО́Й, -ая, -ое ультразвукалъул

УЛЬТРАКОРО́ТК//ИЙ, -ая, -ое цIакъго къокъаб; **~ие во́лны** (*радиоялъул гьаркьил*) цIакъго къокъал карачелал

УЛЬТРАМАРИ́ Н *м* ультрамарин (*канчIхъахIилаб релъен*)

УЛЬТРАМАРИ́НОВЫЙ, -ая, -ое ультрамариналъул, канчIхъахIилаб кьералъул

УЛЬТРАМО́ДНЫЙ, -ая, -ое бищунго модаялда бугеб

УЛЬТРАСОВРЕМЕ́ННЫЙ, -ая, -ое гьанжесеб заманаялда бищунго данде кколеб

УЛЬТРАФИОЛЕ́ТОВ//ЫЙ, -ая, -ое: **~ые лучи́** ультрафиолетовыял чIорал (*беразда рихьуларел электромагниталъул чIорал*)

У́ ЛЬЯ, у́лью *и т. д. род., дат. п. и т. д. от* **у́лей**

УМ *м* 1) (*сообразительность*) гIакълу; **челове́к большо́го ума́** кIудияб гIакълуялъул чи 2) *перен. (мыслитель)* гIакъил; **лу́чшие умы́ челове́чества** инсаниятаялъул бищунго лъикIал гIакълизаби ◊ **бра́ться** (*взяться*) **за ум** цIодорлъизе, гIакълу щвезе; **быть без ума́** *от кого-чего-л. лъидасаниги-сундасаниги* цIакъ вохун, чIухIун вукIине; **в уме́** рекIехъе, хъвачIого; (*он*) **в своём уме́** (*дов*) рекIеда вуго, гIакълуялда вуго; **в уме́ ли ты?** мун гIантлъунищ вугев? **быть не в своём уме́** гIакълуялда гьечIого вукIине; **счита́ть в уме́** рекIехъе рикIкIине; **и в уме́ не́ было** ракIалдацин букIинчIо, пикруцин букIинчIо; **у него́ что на уме́, то и на языке́** ракIалда бугеб жо кIалалалъги бицуна дос (*щибго бахчун толаро*); **вы́жить из ума́** херлъиялъ гIантлъизе, бетIер хIалтIунгутIизе; **вы́йти из ума́** кIочон тезе, ракIалдаса ине, рекIекьа бикъизе; **не его́ ума́ де́ло** досул гIакълу щолеб бакI гуро; **из ума́ вон** кIочон тана, ракIалдаса ана, рекIекьа бикъана; **сойти́ с ума́** гIадаллъизе, бетIер сверизе; **вы с ума́ сошли́ !** нужер бетIер сверун буго! **ума́ не приложу́** кинго бичIчIуларо, бичIчIизе кIоларо; **у него́ ум за ра́зум захо́дит** дов (*цо-цо мехалъ*) бетIер сверарав чи гIадин лъугьуна

УМАЛИ́ ТЬ *сов. что* дагьлъизабизе, гIодобе ккезабизе; ~ *чей-л.* **авторите́т** *лъилниги* къадру-къимат гIодобе ккезабизе

УМАЛИШЁНН//ЫЙ, -ая, -ое гIадаллъарав 2) *в знач. сущ.* **~ый** *м* гIабдал 3) *в знач. сущ.* **~ая** *ж* гIабдал *(чIужугIадан)*

УМА́ЛЧИВАТЬ *несов. см.* **умолча́ть**

УМАЛЯ́ ТЬ *несов. см.* **умали́ ть**

УМА́СЛИВАТЬ *несов. см.* **ума́слить**

УМА́СЛИТЬ *сов.* 1) гьорлъ нах бугеб жо лъулъан тIад бахине; *прост.* тIад гIемер нах бахине 2) *разг. кого-что разг.* лъикIаб бицун, гьара-цIалун, сайгъатал кьун мукIур гьавизе, хIеккинавизе

УМЕ́ЛЕЦ *м* (*мастер)* гьунар-махщел бугев устар

УМЕ́ЛО *нареч.* бажарун, махщалида, устарлъиялда; ~ **рабо́тать** махщалида хIалтIизе

УМЕ́Л//ЫЙ, -ая, -ое бажари, махщел, гьунар бугев; **~ые ру́ки** махщел бугел кверал

УМЁН, умна́, умно́ *кратк. ф. от* **у́мный**

УМЕ́НИЕ *с* бажари, махщел, гьунар

УМЕНЬША́ЕМОЕ *с мат.* жиндаса бахъулеб

УМЕНЬША́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **уме́ньшить(ся)**

УМЕНЬШЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **уме́ньшить**) гьитIин гьаби, гьитIинлъизаби (*в объёме*), дагь гьаби, дагьлъизаби (*в количестве*) **2.** (*по гл.* **уме́ньшиться**) гьитIинлъи (*в объёме*), дагьлъи (*в количестве*)

УМЕ́НЬШИТЬ *сов. что* гьитIин гьабизе, гьитIинлъизабизе (*в объеме*) дагь гьабизе, дагьлъизабизе, гIодобе ккезабизе (*в количестве*)

УМЕ́НЬШИТЬСЯ *сов.* гьитIинлъизе (*в объёме*); дагьлъизе, гIодобе ккезе (*в количестве*)

УМЕ́РЕННО *нареч.* роцада, гьоркьохъеб хIалалъ, гьоркьохъеб, рекъараб даражаялда

УМЕ́РЕННОСТЬ *ж* роцада букIин, гьоркьохъеб хIалалъ букIин, гьоркьохъеб даражаялда, рекъон букIин

УМЕ́РЕННЫЙ, -ая, -ое роцада бугеб, гьоркьохъеб хIалалъ бугеб, гьоркьохъеб даражаялъул, рекъараб

УМЕР//ЕТЬ *сов.* хвезе; **она́ ~ла** дой хвана; **~е́ть сме́ртью геро́я** бахIарчиясул хвелалдалъун хвезе 2) (*исчезнуть*) тIагIине, лъалкI течIого лъугIизе ◊ **хоть умри́** хваниги, щиб кканиги, чара гьечIого

УМЕ́РИТЬ *сов. что* гIодобе буссинабизе, тIаса бекизабизе, гIодоцинабизе, дагьлъизабизе; ~ **пыл** рекIел хIасрат, цIа гIодоцинабизе; ~ **свои́ тре́бования** жиндирго тIалабал дагьлъизаризе

УМЕРТВИ́ТЬ *сов.* 1) *кого-что (убить)* хвезабизе, чIвазе; ~ **нерв больно́го зу́ба** унтараб гIосол нерв хвезабизе 2) *что перен.* тIагIинабизе, лъалкI течIого, лъугIизабизе; ~ **эгои́зм** цIикIкIун живго хиралъи лъугIизабизе

УМЕ́РШИЙ *м* хварав

УМЕРЩВЛЕ́НИЕ *с* хвезаби, чIвай; ~ **не́рва** нерв хвезаби

УМЕРЩВЛЯ́ ТЬ *несов. см.* **умертви́ ть**

УМЕРЯ́ ТЬ *несов. см.* **уме́рить**

УМЕСТИ́ТЬ *сов. что* гьинабизе, инабизе; ~ **все кни́ги на по́лку** киналго тIахьал хъорщода гьинаризе

УМЕСТИ́ //ТЬСЯ *сов.* гьине, ине; **все ве́щи ~лись в шкафу́** кинабго къайи шкафалъуб гьана

УМЕ́СТНО *в знач. сказ. безл.* рекъон буго; **здесь ~ сказа́ть** гьаниб абизе рекъон буго

УМЕ́СТН//ЫЙ, -ая, -ое рекъараб, санагIатаб, жиндир бакIалда бугеб, бакI ккун абураб, гьабураб *ва. гь. ц.*; **вполне́ ~ый вопро́с** гIезегIанго рекъараб суал; **~ое замеча́ние** бакI ккун гьабураб бадибчIвай

УМЕ́//ТЬ *несов.* лъазе, бажаризе; **я сде́лал, как ~л** лъараб куцалъ, лъавухъе гьабуна дица; **он ~ет пла́вать** досда лъедезе лъала; **она ~ет одева́ться** долда ретIа-къазе лъала

УМЕЩА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **умести́ ть(ся)**

УМИЛЕ́НИ//Е *с* ракIхIеренлъи, ракIтIеренлъи, хIайранлъи, рекIее хIайранаб асар лъугьин; **вы́звать слёзы ~я** ракIхIерен-лъиялъул магIу бачIинабизе; **прийти́ в ~е** рекIее хIайранаб асар лъугьине

УМИЛИ́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое ракI хIерен гьабулеб, рекIее хIайранаб асар гьабулеб; хIайранлъизабулеб

УМИЛИ́ ТЬ *сов. кого* ракI хIеренлъизабизе, рекIее хIайранаб асар лъугьинабизе, хIайранлъизавизе

УМИЛИ́ТЬСЯ *сов.* ракI хIеренлъизе, рекIее хIайранаб асар лъугьине, хIайранлъизе

УМИ́ЛОСТИВИТЬ *сов. кого уст.* гурхIизавизе, гурхIулевлъун гьавизе; гурхIел гьаризе

УМИ́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое *разг.* 1) (*угодливый*) хIелараб 2) (*трогательный*) хIеренаб, недегьаб, гьуинаб, ракI тIаде цIалеб

УМИЛЯ́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **умили́ ть(ся)**

УМИНА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **умя́ ть(ся)**

УМИРА́НИЕ *с* хвей

УМИРА́//ТЬ *несов.* 1) *см.* **умере́ть**; 2): **~ть от сме́ха** велъанхъун хвезе; **~ть от жа́жды** къечон хвезе; **он ~ет от любопы́тства** щиб-кинали лъазе бокьиялъ битIахъе холев вуго дов

УМИРА́ЮЩИЙ *м* 1) холев вугев, рухI бахъулев вугев 2) *перен.* лъугIулеб бугеб, тIагIунеб бугеб

УМИРОТВОРЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **умиротвори́ть**) рекъезави, гIодове виччазави, маслихIат гьаби 2. (*по гл.* **умиротвори́ться**) рекъей, гIодове виччай, маслихIат ккей; **наступи́ло ~** рекъел ккана

УМИРОТВОРИ́ТЬ *сов. кого-что* рекъезавизе, гIодове виччазавизе, маслихIат гьабизе; **~ вражду́ющих** тушманзабазда (*тушманлъиялда ругезда*) гьоркьоб маслихIат гьабизе (*тушманлъиялда ругел рекъезаризе*)

УМИРОТВОРИ́ ТЬСЯ *сов.* рекъезе, гIодове виччазе, маслихIат ккезе

УМИРОТВОРЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **умиротвори́ ть(ся)**

УМНЕ́ТЬ *несов.* цIодорлъизе, гIакълу щвезе

У́МНИК *м разг.* 1) (*умный человек*) гIакъилав чи, цIодорав чи 2) (*о мальчике*) цIодор, цIодорав вас 3) *ирон.* гIакъилавлъун хIалев чи, цIодоравлъун хIалев чи

У́ МНИЦ//А *разг.* 1) *ж (о девочке)* цIодор, цIодорай яс; **будь ~ей!** цIодорго хьваде! 2) *м., ж* цIодор, гIакъил

У́МНИЧАТЬ *несов. разг.* цIодоравлъун хIазе, гIакъилавлъун хIазе

УМНО́ *нареч.* цIодорго, гIакъилго

УМНОЖА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **умно́жить(ся)**

УМНОЖЕ́НИ//Е *с* 1) (*по гл.* **умно́жить**) гIемерлъизаби, цIикIкIинаби 2) (*по гл.* **умно́житься**) гIемерлъи, цIикIкIин 3) *мат.* кьаби́; **табли́ ца ~я** кьаби́ялъул таблица

УМНО́ЖИТЬ *сов. что* 1) (*увеличить*) гIемерлъизабизе, цIикIкIинабизе; **~ скот** боцIи цIикIкIинабизе 2) *мат.* кьабизе; **~ на три** лъабилъ кьабизе

УМНО́ЖИТЬСЯ *сов.* гIемерлъизе, цIикIкIине

У́ МНЫЙ, -ая, -ое цIодорав, гIакъилав

УМОЗАКЛЮЧА́ТЬ *несов. см.* **умозаключи́ ть**

УМОЗАКЛЮЧЕ́НИЕ *с (вывод, суждение)* пикрияб хIасил; ургъун, пикру гьабун ккараб хIасил

УМОЗАКЛЮЧИ́ТЬ *сов. что и без доп.* пикрияб хIасил гьабизе; ургъун, пикру гьабун, хIасилалде рачIине

УМОЗРЕ́НИЕ *с* бихьун лъай; бихьун, лъан гIакълуялде щвей

УМОЗРИ́ ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое бихьун лъараб; бихьун, лъан гIакълуялде щвараб

УМОЛИ́ТЬ *сов. кого* хIелун гьаризе, тIадчIун гьаризе, гьарацIалун, хIелун, мукIур гьавизе, жиндего вуссинавизе; **~ непрекло́нного отца́** къуркьизавизе захIматав эмен мукIур гьавизе

УМО́ЛК *м:* ◊ **говори́ть без ~у** *разг.* чIечIого гаргадизе, лъалхьичIого кIалъазе

УМОЛКА́ТЬ *несов. см.* **умо́лкнуть**

УМО́ЛКНУТЬ сов. 1) (*замолкнуть*) вуцIцIун чIезе; сас къотИзе; **он умо́лк** дов вуцIцIун чIана 2) *перен.* къотИзе; тIагIине; **не умо́лкнет их сла́ва** дозие гьабулеб рецц кидаго къотИиларо

УМОЛЧА́//ТЬ *сов. о чём* бицинчIого тезе, балъго гьабизе; **он ~л об э́ том** дос гьеб бицинчIого тана, балъго гьабуна

УМОЛЯ́ ТЬ //ТЬ *несов. кого и с неопр.* гьаризе, цIакъ гьаризе, тIад чIун гьаризе; **~ю тебя́ прие́хать** вачIайилан гьарула дуда; **~ть** *кого-л.* **о проще́нии** *лъиданиги* тIаса лъугьайилан гьаризе

УМОЛЯ́ЮЩИЙ, -ая, -ое гьарулеб, хIелулеб; **~ взгляд** *щибниги жо* гьарулеб балагьи

УМОПОМЕША́ТЕЛЬСТВ//О *с* бетIер бикьакълъи, свери, гIакълу биххи

УМОПОМРАЧИ́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое *разг.* хIикматаб, гIакълуялда данде кколареб, тIасан борчIараб, хIисаб тун кутакаб, гIорхъолъа борчIараб, рекIедаса инарулеб

УМО́РА *ж разг. в знач. сказ. (смешно, уморительно) (гьеб)* кеп буго

УМОРИ́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое *разг. (смешной)* кутакалда кепаб; **~ слу́чай** кутакалда кепаб лъугьа-бахъин

УМОРИ́ ТЬ //ТЬ *сов. кого разг.* 1) (*погубить*) хвезабизе; **~ть** *кого-л.* **го́лодом** *щивниги* вакъуца хвезавизе 2) (*утомить*) цIакъ сваказавизе; **доро́га си́ льно ~ла меня́** сапаралъ дун цIакъ сваказавуна 3) (*насмешить*) кеп щвезабизе; **он ~л меня́ свои́м расска́зом** гьес бицараб хабаралъ дие кеп щвезабуна

УМОРИ́ТЬСЯ *сов. разг.* цIакъ сваказе, тату хвезе, хIал дагьлъизе; **~ от жары́** багIариялъ хIал дагьлъизе, тату хвезе

УМРУ́, умрёшь *и т. д. буд от* **умере́ть**

У́МСТВЕНН//ЫЙ, -ая, -ое гIакълияб; **~ый труд** гIакълияб хIалтIи, захIмат; **~ые спосо́бности** гIакълияб бажари, гьунар

УМУДРЁННЫЙ, -ая, -ое гIакълу щвараб, гIакълу цIикIкIараб; **~ о́пытом** хIалбихьиялъ гIакълу щварав

УМУДРИ́//ТЬСЯ *сов. разг. (изловчиться)* сихIирлъи гIун, *щибниги* гьабун бажаризе, гьабизе кIвезе; гьабичIониги бегьулеб жо гьабизе; **он ~лся опозда́ть** рес букIаниги, гьев кватIун вачIана

УМУДРЯ́ ТЬСЯ *несов. см.* **умудри́ ться**

УМЧА́//ТЬ *сов. кого-что* хъамизе, хъамун бачун ине; **ве́тер ~л облака́** гьороца накIкIал хъамуна

УМЧА́//ТЬСЯ *сов.* 1) (*быстро убежать, уехать)* рухсан ине, цебесан паркъун ине 2) *перен.* ине, хехго ине (*заман*); **с той поры́ ~лось мно́го лет** долдаса нахъе гIемерал санал ана

УМЫВА́ЛЬНИК *м* беркIал чурулеб жо, умывальник

УМЫВА́НИЕ *с* чури (*гьумер, кверал, бетIер)*

УМЫВА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **умы́ ть(ся)**

УМЫКА́НИЕ *с этн.* ясги хъамун, ригьин гьабулеб къагIида

У́МЫС//ЕЛ *м* нигат, къасд, цебеккунго ургъараб балъгояб пикру; **без вся́кого зло́го ~ла** кинаб букIаниги квешаб къасд, нигат гьечIого; **с ~лом** ургъунго

УМЫ́ ТЬ *сов. кого-что* 1) чуризе, чвердезабизе; **~ лицо́** гьумер чуризе; **~ ребёнка** лъимер чурахулизе 2) *перен.* чуризе, биччизабизе; **ро́ща, умы́тая дождём** цIадаца чурараб рохь ◊ **~ ру́ки** жавабчилъиялдаса ворчIизе, *сундулниги* жавабчилъи тIаса рехизе

УМЫ́ТЬСЯ *сов.* беркIал-кверал чуризе (*жиндирго*), чурахулун вацIцIалъизавизе (*живго*)

УМЫ́ ШЛЕННО *нареч.* ургъунго, лъалаго

УМЫ́ШЛЕНН//ЫЙ, -ая, -ое ургъунго гьабураб, лъалаго гьабураб; **~ое уби́ йство** ургъунго гьабураб чIвай-хъвей

УМЯ́ТЬ *сов. что* 1) *(уложить приминая)* бугIун, мерхьун *кибниги* лъезе; **~ се́но** хер мерхьун, бугIун жаниб лъезе 2) *прост. (съесть много)* хъантIун ва гIемер кваназе, кIвараб жо жанибе бугIизе (хъвазе) 3) *разг.* кIвекIун, кIкIукIкIан тамах гьабизе

УМЯ́ТЬСЯ *сов.* бугIун, мерхьун, кIкIукIкIан букIине, гьункун букIине

УНАВО́ЖИВАТЬ *несов. см.* **унаво́зить**

УНАВО́ЗИТЬ *сов. что* рак базе; рак бан беэн гьабизе

УНАСЛЕ́ДОВАТЬ *сов. что* ирсалъе щвезе, ирсалъе босизе

УНЕС//ТИ́ *сов.* 1) *кого-что* баччун ине, босун ине; **он унёс мою́ кни́гу** дос дир тIехь босун ана; **~ти́ мешо́к** къандалъо баччун ине 2) *что* бачун ине, цадахъ бачун ине; **ло́дку ~ло́ тече́нием** раса лъел хвахиялъ гьабун бачун ана 3) *кого-что разг. (украсть)* бикъизе, бикъун ине ◊ **е́ле но́ги ~ти́** хIалица ворчIизе, хIалил мадаралъ хвасарлъизе

УНЕСТИ́ СЬ *сов.* 1) *разг. (быстро удалиться*) хехго, рухсан ун рикIкIалъизе; росун ине; **ту́чи унесли́сь на се́вер** накIкIал севералдехун росун ана 2) (*пройти, миновать – о времени*) ине, нахъа тезе (*заман*)

УНИВЕРМА́Г *м (универсальный магазин*) универмаг (*батIи-батIияб промышленнияб къайи бичулеб тукен*)

УНИВЕРСА́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое 1) (*всеобъемлющий*) гIемерал рахъал жанире рачунеб 2) (*пригодный для многих целей*) гIемерал батIи-батIиял хъулухъал, мурадал тIуразарулеб

УНИВЕРСА́М *м* универсам

УНИВЕРСИА́ДА *ж* универсиада (*тIолго дунялалъул студентазул спортивиял къецал)*

УНИВЕРСИТЕ́Т *м* университет

УНИВЕРСИТЕ́ТСКИЙ, -ая, -ое университеталъул, университеталъулаб

УНИЖА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **уни́ зить(ся)**

УНИЖЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **уни́ зить**) гIодовегIан гьави, гIодовегIанлъизави, инжит гьави, хIакъир гьави **2.** (*по гл.* **уни́зиться**) гIодовегIанлъи, инжитлъи, хIакъирлъи **3.** (*оскорбление*) инжитлъи, хIакъирлъи

УНИ́ ЖЕНН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*о человеке*) гIодовегIанлъизаварав 2) (*выражающий унижение*) инжитаб, хIелараб; **~ая про́сьба** хIелараб гьари

УНИЗА́ТЬ *сов. что чем* ххезе (*кунатIа*), хехине, хадуб-цебе сокIкIине

УНИЗИ́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое гIодовегIан гьавулеб, хIакъир гьавулеб, инжит гьавулеб; **~ посту́пок** хIакъир гьавулеб иш

УНИ́ЗИТЬ *сов. кого-что* гIодовегIан гьавизе, гIодовегIан-лъизавизе, хIакъир гьавизе, инжит гьавизе; **~ подчинённого** гьоркьехун вугев хIалтIухъан хIакъир гьавизе

УНИ́ЗИТЬСЯ *сов.* гIодовегIанлъизе, инжитлъизе, хIа-къирлъизе

УНИ́ЗЫВАТЬ *несов. см.* **унизá ть**

УНИКА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое цIакъго лъикIаб, нагагь гурони букIунареб, къанагIатаб, жинда релълъараб батизе захIматаб; **~ое произведе́ние** жинда релълъараб батизе захIматаб асар

У́ НИКУМ *м* цIакъго лъикIаб, нагагь гурони букIунареб, къанагIатаб, жинда релълъараб батизе захIматаб жо

УНИМА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **уня́ ть(ся)**

УНИСО́Н *м муз.* гьаракь данде ккей; **петь в ~** гьаракь данде ккезабун ахIизе

УНИТА́З *м* унитаз

УНИФИКА́ЦИЯ *ж* цо формаялде, цо къагIидаялде бачин, ккезаби

УНИФИЦИ́РОВАТЬ *сов. и несов. что* цо формаялде, цо къагIидаялде ккезабизе, бачине

УНИЧТОЖА́ТЬ *несов. см.* **уничтó жить**

УНИЧТОЖА́ЮЩ//ИЙ, -ая, -ее 1) (*губительный*) гьалагаб, тIагIинабулеб, щущазабулеб, пана гьабулеб, гIасияб, гIажалаб; **~ий огóнь артилле́рии** гIарадабазул гIасияб, гIажалаб цIа 2) кьварараб, гурхIел гьечIеб; **~ая кри́тика**, кьварараб, гурхIел гьечIеб критика

УНИЧТОЖЕ́НИЕ *с* тIагIинаби, щущазаби; лъугIизаби ~ **эксплуата́ции** чияр гъийин кванай лъугIизаби

УНИЧТО́ЖИТЬ *сов. кого-что* 1) тIагIинабизе, щущазабизе, щущакъ виххизавизе; **~ врага** тушман щущахъ виххизавизе; **~ безрабо́тицу** хIалтIи гьечIолъи тIагIинабизе 2) *перен.* тату хвезабизе, хвалде ккезавизе; **~ кого́-л. язви́тельным сло́вом** рекIеда хIунсулеб рагIиялъ *лъилниги* тату хвезабизе

У́ НИЯ *ж* цолъи́ , союз (*пачалихъазул*)

УНОСИ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **унести́ (сь)**

У́ НТЕР-ОФИЦЕ́Р *м воен.* унтер-офицер (*революциялда цебесеб Россиялда гьитIинав офицерасул чин, гьеб чин бугев чи*)

У́ НТЫ *мн.* (*ед.* **унт** *м,* **у́нта** *ж*) унтал (*хинал къохьол чакмаби*)

У́ НЦИЯ *ж* унция (*29,86 грамм*)

УНЫВА́ТЬ *несов.* пашманлъизе, ракI бекизе, ракI гIодоб чIвазе

УНЫ́ ЛО *нареч.* пашманго, ракI бекун, ракI гIодоб чIван

УНЫ́Л//ЫЙ, -ая, -ое пашманаб, ракI бекараб, ракI гIодоб чIвараб; **~ый челове́к** ракI бекарав чи; **~ая пе́сня** пашманаб кечI

УНЫ́ НИЕ *с* пашманлъи, ракI беки, ракI гIодоб чIвай

УНЯ́ТЬ *сов.* 1) *кого-что (успокоить)* чIезабизе, буцIцIинабизе, гIодоцинабизе; сасинабизе; **~ ребёнка** лъимер буцIцIинабизе 2) *что (боль и т.п.*) секьизабизе, къатIинабизе, чIезабизе; **~ кровотече́ние** би къатIинабизе, чIезабизе

УНЯ́ТЬСЯ *сов.* 1) (*стать мирным*) чIезе, буцIцIине, гIодоцине, сасине 2) (*о боли и т. п.*) секьизе, къатIине

УПА́ВШ//ИЙ, -ая, -ее (*слабый*) загIипаб, загIиплъараб; **говори́ ть ~им го́лосом** загIипаб гьаракьалъ кIалъазе

УПА́Д *м:* **до ~у** гIодов ккезегIан, тату хвезегIан

УПА́ДОК *м* гIодобе ккей, бихху, загIиплъи, дагьлъи; **~ приро́ста населе́ния** халкъалъул цIикIкIин гIодобе ккей; **~ ду́ха** рухIияб рахъ загIиплъи; **~ сил** къуват дагьлъи

УПА́ДОЧНИЧЕСКИЙ, -ая, -ое ракI гIодобчIваялда хурхараб, ракIбекиялда хурхараб

УПА́ДОЧНИЧЕСТВО *с* ракI гIодобчIвай, ракIбеки

УПА́ДОЧН//ЫЙ, -ая, -ое (*пассивно-безнадежный*) ракI гIодоб чIвараб, ракI бекараб; **~ое настрое́ние** ракI гIодоб чIвараб хIал

УПАКОВА́ТЬ *сов. что* сокIкIун, рекъезарун лъезе, рухьакъазе, сверун бухьине

УПАКОВА́ТЬСЯ *сов.* 1) (*собрать вещи*) къайи-цIа хIадур гьабизе (*цадахъ босизе*) 2) (*вместиться, уложиться*) (*жаниб*) рекъон ккезе, гьине (*къачIа-кIатIалаго*)

УПАКО́ВКА *ж* **1.** (*по гл.* **упакова́ть**) рекъезабун лъей, бухьа-къай, жема-къеми **2.** (*материал*) бухьа-къазе, жема-къемизе кьваригIунеб материал

УПАКО́ВОЧНЫЙ, -ая, -ое бухьа-къаялъе хIажалъулеб; **~ материа́л** бухьа-къаялъе (бугеб) хIажалъулеб материал; **~ цех** бухьа-къай (упаковка) гьабулеб цех

УПАКО́ВЩИК *м* бухьа-къай (упаковка) гьабулев чи

УПАКО́ВЩИЦА *ж* бухьа-къай гьабулей гIадан

УПАКО́ВЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **упакова́ть(ся)**

УПА́//СТЬ *сов.* 1) гIодоб ккезе, бортизе; **~сть с ло́шади** чодаса вортизе; **~сть на́взничь** чехьатIаде гIодов ккезе 2) (*снизиться*) гIодобе ккезе; учузлъизе; **температу́ра ~ла** цIа-кан гIодобе ккана; **це́ны ~ли** багъаби учузлъана ◊ **горá ~ла с плеч** ургъел тIаса ана, бегана, гьир тIаса рехана; **~сть ду́хом** ракI гIодоб чIвазе, ракI бекизе; **~сть в о́бморок** рекIедаса ине, гIакълуялдаса ине, кIотун ккезе; **~сть в но́ги** гIодоб бетIер чIван, гьаризе

УПЕКА́ТЬ *несов. см.* **упе́чь**

УПЕРЕ́ТЬ *сов.* 1) *что во что (прижать)* (бегичIого букIине) базабизе, цун чIезабизе; **~ столб в забо́р** (бегичIого букIине) хIуби чалиялда базабизе 2) *что, прост.* (*украсть*) вархьизабизе, бикъизе 3) *разг.*; **~ глаза́** *во что-л. сундухъниги,* тIаса бер босичIого валагьизе

УПЕРЕ́ТЬСЯ *сов.* 1) *чем во что (опереться)* цун чIезе (*вортичIого вукIине*); **~ рука́ми о стол** столалда квералги цун, чIван чIезе 2) *разг. (заупрямиться)* мекълъизе, тIирун чIезе, тIиризе; **~ на своём** жиндирабго ккун чIезе

УПЕ́ЧЬ *сов. кого, разг.* 1) (*хорошо выпечь*) лъикIго бежизе, бежуд хьезабизе 2) (*отправить против воли)* хIалица, бокъуларого витIизе; *~ кого-л.* **в тюрьму́** *щивниги* туснахъалъув къазавизе

УПИВА́ТЬСЯ *несов.* 1) *см.* **упи́ ться** 2) *кем-чем (наслаждаться*) лазат, кеп босулев вукIине; лазаталда, кепалда вукIине

УПИРА́ТЬ *несов. см.* **упере́ть**

УПИРА́//ТЬСЯ *несов.* 1) *см.* **упере́ться** 2) *разг.* (*встречать препятствие*): **весь вопро́с ~ется в недоста́ток вре́мени** заман гьечIолъиялъ буго киналъего квалквал гьабулеб (заман гIунгутIиялъулъ буго кинабго иш)

УПИ́ТАННОСТ//Ь *ж* кьаралъи, ччоборлъи, жаниб цIей; **скот хоро́шей ~и** лъикIаб кьаралъиялъул боцIи, кьарияб боцIи (*гьанад хьараб боцIи*)

УПИ́ТАННЫЙ, -ая, -ое кьарияб, ччобораб, жаниб цIураб, гьанад хьараб

УПИ́ ТЬСЯ *сов. разг.* 1) (*насладиться*) лазат босизе, кеп босизе; лазаталда, кепалда вукIине 2) (*напиться допьяна*) мехтизегIан гьекъезе

УПЛА́ТА *ж* мухь кьей

УПЛАТИ́ТЬ *сов. что, за что, кому* кьезе, мухь кьезе, бе-цIизе; **~ чле́нский взнос** членхIакъ кьезе; **~ за обе́д** кванихъ мухь кьезе; **~ долг** налъи бецIизе (кьезе)

УПЛА́ЧИВАТЬ *несов. см.* **уплати́ ть**

УПЛОТНЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **уплотни́ть**) тIупизаби, тIупун къвакIизаби 2. (*по гл.* **уплотни́ться**) тIупи, тIупун къвакIи ◊ **~ рабо́чего дня** хIалтIул къоялдаса тIубан пайда боси (*гIемераб хIалтIи гьаби*) 3. *мед.* къвакIи, къвакIун лъугьин (*масала, кIкIараялъ хIанчIараб бакI*)

УПЛОТНИ́ТЬ *сов.* 1) *что (сделать более плотным*) тIупизабизе, къвакIизабизе 2) **~ рабо́чий день** хIалтIул къоялдаса тIубан пайда босизе (*гIемераб хIалтIи гьабизе*)

УПЛОТНИ́ТЬСЯ *сов.* 1) (*стать более плотным*) тIупизе, тIупун ине, къвакIизе. 2) (*о рабочем времени*) хIалтIул къо гIемерал ишаз цIураб букIине

УПЛОТНЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **уплотни́ ть(ся)**

УПЛЫВА́ТЬ *несов. см.* **уплы́ ть**

УПЛЫ́ //ТЬ *сов.* 1) лъедон ине, лъедон рикIкIалъизе 2) *перен. разг. (пройти, миновать – о времени*) ине (*заман*) 3) *перен. разг. (исчезнуть)* лъугIизе; кодоса ине, лълъаранибе ине; **де́ньги ~ли в оди́ н день** гIарац цохIо къоялъ лъугIана

УПОВА́НИЕ *с уст.* хьул, божилъи

УПОВА́ТЬ *несов. на кого-что, уст. (надеяться)* хьул лъезе, божилъи букIине

УПОДО́БИТЬ *сов. кого-что кому-чему* релълъинабизе (*лъиданиги – сунданиги*)

УПОДО́БИТЬСЯ *сов. кому-чему сунданиги* релълъине

УПОДОБЛЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **уподо́бить**) релълъинаби **2.** (*по гл.* **уподо́биться**) релълъин

УПОДОБЛЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **уподо́бить(ся)**

УПОЁНИ//Е *с* кутакаб рохел, шавкъ, лазат, кеп; **быть в ~и успе́ха** мурадалде щвеялдаса вохун вукIине (*бергьенлъиялъул рохалилаб асаралда гъоркь вукIине*)

УПОЙТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое лазатаб, шавкъалъул, рохалил цIураб; шавкъ, рохел бачIинабулеб

УПОЛЗА́ТЬ *несов. см.* **уползти́**

УПОЛЗТИ́ *сов.* хъурщун нахъе ине; шурун ине; *кисаниги* нахъе ине

УПОЛНОМО́ЧЕННЫЙ *м* вакил, божилъи гьабурав чи

УПОЛНОМО́ЧИВАТЬ *несов. см.* **уполномо́чить**

УПОЛНОМО́ЧИ//Е *с*: **по ~ю** вакиллъиялда

УПОЛНОМО́ЧИТЬ *сов. кого-что на что и с неопр.* вакил гьавизе

УПОМИНА́НИЕ *с* 1) (*по гл.* **упомяну́ть**) рехсей, бицин, бицен 2) ракIалде щвезаби; **бе́глое** ~ *о ком-л. щивниги* гьадинго, тохлъукьего ракIалде щвей

УПОМИНА́ТЬ *несов. см.* **упомяну́ть**

УПОМИНА́ТЬСЯ *несов.* рехсезе, бицен гьабизе; цIар ракIалде щвезабизе, бачIинабизе

УПО́МНИ//ТЬ *сов. кого-что разг.* ракIалда чIезабизе, рекIелъ цIунизе, кIочене биччангутIизе; **всего́ не ~шь** кинабго ракIалда чIеларо

УПОМЯНУ́ ТЬ *сов. кого-что о ком-чём с союзом "что"* рехсезе, бицен гьабизе, цIар рехсезе

УПО́Р *м* **1.** (*по гл.* **упере́ть**) тIаде цузаби, хIал щвезаби, цуй щвезаби **2.** (*по гл.* **упере́ться**) тIаде цуй, хIал щвей, цуй щвей **3.** (*подпорка*) мичил, хIуби, тIадецуй щвезе гьабураб бакI; **де́лать** ~ *на чем-л. на что-л. лъидениги, сундениги* хасаб кIвар кьезе; **вы́ -стрелить в** ~ цузабун речIчIизе; **в ~ смотре́ть** битIун бадиве валагьизе

УПО́РН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*настойчивый*) тIаделъулев, тIаса вичIуларев, тIирун чIолев; **~ый челове́к** тIаса вичIуларев чи 2) *перен.* хIалуцараб; **~ая борьба́** хIалуцараб къеркьей 3) *тех.* (*являющийся упором*) *щибниги* тIад базабизе бугеб

УПО́РСТВО *с* 1) (*настойчивость*) тIаделъи, тIаса вичIунгутIи, къвакIун чIей 2) (*упрямство*) чанкIкIи, тIири, тIирунчIей

УПО́РСТВОВАТЬ *несов. в чем (проявлять настойчивость)* тIаделъизе, тIаса вичIунгутIизе, къвакIизе 2) (*упрямиться*) чанкIкIизе, тIиризе, тIирун чIезе

УПОРХНУ́ТЬ *сов. (улететь)* пархун ине, твархан боржун ине 2) *перен. разг.* цебесан паркъизе, паркъун ине

УПОРЯ́ ДОЧЕНИЕ *с* низамалде ккезаби, бачин; рекъезаби

УПОРЯ́ ДОЧИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **упоря́ дочить(ся)**

УПОРЯ́ДОЧИТЬ *сов. что* низамалде ккезабизе, бачине; рекъезабизе; ~ **рабо́ту тра́нспорта** транспорталъул хIалтIи низамалде ккезабизе

УПОРЯ́ ДОЧИТЬСЯ *сов.* низамалде ккезе, рекъон ккезе

УПОТРЕБИ́ ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое пайда босулеб, мунпагIат босулеб, хIалтIизабулеб; **~ые слова́** пайда босулел, хIалтIизарулел рагIаби

УПОТРЕБИ́ ТЬ *сов. что* пайда босизе, мунпагIат босизе, хIалтIизабизе, къваригIаралъе харж гьабизе; ~ **непоня́ тное сло́во** бичIчIулареб рагIи хIалтIизабизе; ~ **де́ньги на поку́пку книг** тIахьал росизе гIарац харж гьабизе (*гIарац тIахьал росизе хIалтIизабизе*)

УПОТРЕБЛЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **употреби́ть**) пайда боси, мунпагIат боси, хIалтIизаби, къваригIаралъе харж гьаби

УПОТРЕБЛЯ́ ТЬ *несов. см.* **употреби́ ть**

УПРА́В//А *ж* 1) *разг.* диван, гIадилаб хIукму, гIадлу; **иска́ть** *на кого-л.* **~ы** *лъиениги* гIадлу гьабизе 2) *ист. (учреждение)* управа (*цебесеб Россиялда цо-цо идараялда цIар*)

УПРАВДО́М *м (управляющий домами)* управдом (*пачали-хъалъ кьурал минабазул ремонт ва гь. ц. гьабулеб идараялъул хIаким*)

УПРА́ВИТЬСЯ *сов. разг.* 1) *с чем (кончить работу, справиться)* (*хIалтIи*) лъугIизабизе, рагIалде бахъинабизе, бажаризе 2) *с кем (одолеть)* къезавизе, къуркьизавизе, чIезавизе; **с ним ника́к не** ~ дов кинго чIезавизе кIолев чи гуро

УПРАВЛЕ́НИЕ *с* 1) (*по гл.* **управля́ть**) билълъинаби, нухмалъи гьаби 2) (*административный орган*) нухмалъи гьабулеб орган 3) (*учреждение*) идара, управление 4) *тех. (приспособления)* управление 5) *грам.* управление ◊ **теря́ть** ~ бачине бажариялдаса ине (*самолёт ва гь. ц.*)

УПРАВЛЕ́НЧЕСКИЙ, -ая, -ое нухмалъи гьабулеб, гьабиялъул; ~ **аппара́т** нухмалъи гьабулеб аппарат (*нухмалъи гьабулеб къокъа*)

УПРАВЛЯ́ТЬ *несов.* 1) *кем-чем* билълъинабизе, бачине, хIалтIизабизе; ~ **маши́ной** машина бачине 2) *кем-чем (руководить)* нухмалъи гьабизе; ~ **предприя́тием** предприятиялъе нухмалъи гьабизе 3) *чем, грам.* управление букIине (*цо рагIиялъ цоги рагIи хасаб формаялда букIин тIалаб гьабизе*)

УПРАВЛЯ́ ТЬСЯ *несов. см.* **упра́виться**

УПРАВЛЯ́ЮЩИЙ *м* управляющий; ~ **дела́ми** (*канцеляриялъул*) ишал тIуразарулев чи

УПРАЖНЕ́НИ//Е *с* **1.** (*по гл.* **упражня́ть**) (*гьоркьоса къотIичIого*) ругьунлъизаби, цебетIезаби **2.** (*по гл.* **упражня́ться**) (*живго*) ругьун гьави; упражнениял гьари **3.** (*задание*) упражнение, хIалтIи, тIадкъай; **сбо́рник ~й по правописа́нию** битIунхъваялъе упражнениязул сборник

УПРАЖНЯ́ТЬ *несов. что* упражнение гьабизабизе, ругьун гьабизе; хIалтIизе тIамизе (*сундуениги ругьунлъизелъун*)

УПРАЖНЯ́ ТЬСЯ *несов. в чём* (*живго*) ругьун гьавизе, лъазабизе (*жинцаго*); ~ **в стрельбе́** кьвагьдезе ругьун гьавизе; ~ **на музыка́льном инструме́нте** музыкалияб алат хъвазе (*живго*) ругьун гьавизе

УПРАЗДНЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **упраздни́ть**) хвезаби, къай, биххизаби

УПРАЗДНИ́ ТЬ *сов. что* хвезабизе, къазе, биххизабизе; ~ **ли́ шнюю до́лжность** къваригIунареб хъулухъ хвезабизе

УПРАЗДНЯ́ ТЬ *несов. см.* **упраздни́ ть**

УПРА́ШИВАТЬ *несов. см.* **упроси́ ть**

УПРЕВА́ТЬ *несов. см.* **упре́ть**

УПРЁК *м* гIайиб, гъвел, гIайиб-гъвел, бадибчIвай; **осыпа́ть** *кого-л.* **~ами** *лъиениги* бадирчIваял гьаризе ◊ **ста́вить в** ~ *кому что щивниги сундуениги* гIайибиявлъун рикIкIине; **бро́сить** ~ *кому-л. лъиениги* бадибчIвай гьабизе

УПРЕКА́ТЬ *несов. кого в чём* гIайиб чIвазе, гIайиб-гъвел гьабизе, бадибчIвай гьабизе, бадиб чIвазе; ~ *кого-л.* **в небре́жности** тIаса-масагояв (кIвар гьечIев) чи вугилан *лъиданиги* гIайиб чIвазе

УПРЕКНУ́ ТЬ *однокр. к* **упрека́ть**

УПРЕ́ТЬ *сов. разг. (о мясе и т. п.)* (*тIубан*) белъине (*гьан ва гь. ц.*)

УПРОСИ́ ТЬ *сов. кого-что и неопр.* гьаризе, гьарун кьезабизе; гьара-гьикъун мукIур гьавизе, гьара-гьикъун разилъизавизе; ~ **написа́ть письмо́** кагъат хъвазе разилъизавизе

УПРОСТИ́ТЬ *сов. что* 1) (*уменьшить сложность чего-л.*) гIадатлъизабизе, гIадатияблъун лъугьинабизе, бигьалъизабизе; ~ **констру́кцию** конструкция гIадатияблъун лъугьинабизе, бигьалъизабизе 2) *перен. (сделать примитивным)* цIакъго гIадатияблъун лъугьинабизе

УПРОСТИ́ //ТЬСЯ *сов. (стать более простым)* гIадатлъизе, гIадатияблъун лъугьине, бигьалъизе; **проце́сс рабо́ты ~лся** хIалтIул ин гIадатияблъун лъугьана, бигьалъана

УПРО́ЧЕНИЕ *с* 1) (*по гл.* **упро́чить**) щулалъизаби, щула гьаби 2) (*по гл.* **упро́читься**) щулалъи

УПРО́ЧИВАТЬ(СЯ) *несов см.* **упро́читься**

УПРО́ЧИТЬ *сов. что* щулалъизабизе, щула гьабизе; ~ **мир** рекъел щула гьабизе; ~ **своё положе́ние** жиндирго хIал-хIукму щулалъизабизе

УПРО́ЧИ//ТЬСЯ *сов.* щулалъизе; **междунаро́дное положе́ние ~лось** халкъазда гьоркьосеб хIал щулалъана

УПРОЩА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **упрости́ ть(ся)**

УПРОЩЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **упрости́ ть**) гIадатлъизаби, гIадатияблъун лъугьинаби, бигьалъизаби **2.** (*по гл.* **упрости́ться**) гIадатлъи, гIадатияблъун лъугьин, бигьалъи

УПРУ́ГИЙ, -ая, -ое 1) гьетIулеб, гьетIун бачIунеб; хунтIун чIолареб, жиндирго рукIалиде бачIунеб; ~ **мяч** хунтIун чIолареб торгIо 2) *перен. (о походке, движениях)* тIадагьаб, къартIаб (*рилълъин*)

УПРУ́ГОСТ//Ь ж гьетIун бачIунеб букIин; хунтIун чIолареб, жиндирго рукIалиде бачIунеб букIин; **преде́л ~и** *физ. жиндирго* рукIалиде бачIиналъул гIурхъи

УПРЯ́ ЖКА *ж* 1) чуял, оцал гьакида рай 2) (*лошадей, собак и т. д.)* цо гьакида (чанагъазда) рарал чуял, гьаби *ва гь. ц.* 3) *собир. (упряжь)* чуял, оцал гьакида разе къваригIунеб къайи-къоно (*хомут, чIоло-квара ва гь. ц.*)

УПРЯЖН//О́Й, -ая, -ое гьакида (чанагъазда) балеб; **~а́я ло́шадь** гьакида балеб чу

У́ПРЯЖЬ *ж собир.* чуял, оцал гьакида разе къваригIунеб къайи-къоно (*хомут, чIоло-квара ва гь. ц.*)

УПРЯ́МЕЦ *м разг.* тIирун чIарав чи, мукIурлъуларев чи, мекъав чи, мекъуч, тIируч

УПРЯ́МИТЬСЯ *несов разг.* тIирун чIезе, жиндирабго ккун чIезе, мукIурлъунгутIизе, мекълъизе; **не упря́ мься!** тIирун чIоге!

УПРЯ́ МСТВО *с* тIирунчIей, согIлъи, мукIурлъунгутIи, мекълъи, жиндирабго ккун чIей

УПРЯ́ МЫЙ, -ая. -ое 1) тIирарав, тIирун чIарав, жиндирабго ккун чIарав, мукIурлъуларев, мекъав; **~ как осёл** хIамагIанги тIирарав 2) (*настойчивый*): **он был упря́ м в рабо́те** дов хIалтIуда тIад чIарав чи вукIана

УПРЯ́ ТАТЬ *сов. разг.* 1) *что (тщательно спрятать)* бахчизе, бахчун тезе 2) *кого, перен. (услать)* витIизе, жанив лъезе; ~ *кого-л.* **в тюрьму́** *щивниги* туснахъалде витIизе (туснахъалда лъезе)

УПУСКА́ТЬ *несов. см.* **упусти́ ть**

УПУСТИ́ТЬ *сов.* 1) *кого-что (выпустить, потерять)* борчIизе биччазе, билизабизе; **~ во́жжи** квелъ борчIизе биччазе 2) *что (не заметить)* бихьичIого хутIизе, берзукьа борчIизе 3) *что перен. (не использовать)* борчIизе биччазе (*пайда босичIого*); ~ **удо́бный моме́нт** пайда босичIого, санагIатаб заман борчIизе биччазе ◊ ~ *что-л.* **из ви́ду** *сундуениги* тохлъун ккезе (тохлъи ккезе)

УПУЩЕ́НИЕ *с* 1) (*по гл.* **упусти́ ть**) борчIизе биччай, билизаби 2) (*пропуск*) гьоркьоб биччай; (*ошибка*) гьалатI, тасамахIлъи

УРА́! МЕЖД. гьура!

УРАВНЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **уравня́ть**) бащалъизаби, бащад гьаби, баща-бакъалъизаби **2**. (*по гл.* **уравня́ться**) бащалъи, баща-бакъалъи **3**. *мат.* уравнение; **квадра́тное** ~ квадратияб уравнение

УРА́ВНИВАТЬ *несов. см.* **уравня́ ть**

УРА́ВНИВАТЬ[2] *несов. см.* **уровня́ ть**

УРА́ВНИВАТЬСЯ *несов. см.* **уравня́ ться**

УРАВНИ́ЛОВКА *ж разг.* 1) (*уравнительный подход*) уравниловка, мекъияб къагIидаялъ ращалъизари 2) (*система оплаты труда*) *дагь хIалтIарасеги гIемер хIалтIарасеги* бащад гьабун мухь кьолеб къагIида

УРАВНОВЕ́СИТЬ *сов. что* 1) (*сделать одинаковым по весу*) цIайи бащалъизабизе; ~ **ча́шки весо́в** цIадирабазул щурмал ращалъизаризе 2) *перен.* бащалъизабизе; ~ **си́лы** къуватал ращалъизаризе

УРАВНОВЕ́СИТЬСЯ *сов.* 1) (*стать равным по весу*) цIайи бащалъизе, цIавулъ ращалъизе 2) *перен.* ращалъи лъугьине

УРАВНОВЕ́ШЕННЫЙ, -ая, -ое сабруяв, чIара-хьарав, гIодове виччарав; ~ **челове́к** чIара-хьарав чи, сабруяв чи

УРАВНОВЕ́ШЕННОСТЬ *ж (характера)* сабрулъи, чIара-хьараб букIин, гIодове виччай (сабураб, чIара-хьараб, гIодобе биччараб гIамал-хасият букIин)

УРАВНОВЕ́ШИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **уравнове́сить(ся)**

УРАВНЯ́ ТЬ *сов. кого-что* бащалъизабизе, бащад гьабизе; ~ **в права́х** ихтияр бащад гьабизе (ихтияразулъ ращад гьаризе)

УРАВНЯ́ ТЬСЯ *сов.* бащалъизе, бащад ккезе, бащад букIине

УРАГА́Н *м прям., перен.* цIакъ кутакаб гьури, ураган

УРАГА́ННЫЙ, -ая, -ое *прям., перен.* кутакаб гьорол; ~ **ве́тер** цIакъ кутакаб гьури; ~ **ого́нь** (*тушманасда тIад лъураб*) кутакаб цIа

УРАЗУМЕ́ТЬ *сов. что* бичIчIизе, рекIелъе ине

УРА́Н *м* уран (*хим. элемент, металл*)

УРА́НОВ//ЫЙ, -ая, -ое ураналъул; **~ая руда́** ураналъул магIдан; **~ая бо́мба** ураналъул бомба (атомалъул бомба)

УРВА́ТЬ *сов.что и чего разг.* 1) (*получить*) бахъизе, босизе, тIезабизе; ~ **свою́ до́лю** жиндирго бутIа тIезабизе, бахъизе 2) *перен. (с трудом найти время*) хIалица батизабизе (*заман*); ~ **вре́мя для о́тдыха** хIухьбахъиялъе хIалица заман батизабизе

УРЕГУЛИ́РОВАНИЕ *с* (*по гл.* **урегули́ровать**) рекъезаби, низамалде ккезаби, цо ккураб къагIидаялде бачин, данде ккезаби; **ми́ рное ~ междунаро́дных пробле́м** халкъазда гьоркьосел суалал ракълилаб къагIидаялъ низамалде ккезари

УРЕГУЛИ́РОВАТЬ *сов. что* рекъезабизе, низамалде ккезабизе, цо ккураб къагIидаялде бачине, данде ккезабизе

УРЕГУЛИ́РОВАТЬСЯ *сов.* рекъезе, низамалде ккезе, цо ккураб къагIидаялде бачIине, данде ккезе

УРЕ́ЗАТЬ *сов. что* 1) (*укоротить*) къотIун къокъ гьабизе; ~ **рукава́** къвалал (*гурдил ва гь.ц.*) къокъ гьаризе 2) (*уменьшить, убавить*) дагь гьабизе, гьитIин гьабизе, тIаса къунцIизе; ~ **расхо́ды** харжал дагь гьаризе 3) *перен.: ~ чьи-л.* **права́** *лъилниги* ихтиярал мукъсанлъизаризе, дагь гьаризе

УРЕЗА́ТЬ *несов. см.* **уре́зать**

УРЕЗО́НИВАТЬ *несов. см.* **урезо́нить**

УРЕЗО́НИТЬ *сов. кого разг.* ракI чIезабизе, мукIур гьавизе (*хIужжабаздалъун*)

УРЕ́ЗЫВАТЬ *несов. см.* **уре́зать**

У́ РНА *ж* урна (1 *хваразул хутIа-кIучи (рахъу) цIунизе гьабураб гъутухъ;* 2 *рищиязда бюллетень рехулеб ящикI;* 3 *кьватIазда кьищни ва гь.ц. базе, рехизе лъураб ящикI, къали)*

У́РОВ//ЕНЬ *м* 1) битIун кколеб бакI, битIараб бакI, тIасияб рахъ, гьумер; **на ~не второ́го этажа́** кIиабилеб тIалаялда битIун кколеб бакIалда; **над ~нем мо́ря** ралъдал гьумералдаса тIадегIан; **ни́же ~ня мо́ря** ралъдал гьумералдаса гIодобегIан 2) даража; **культу́рный ~ень** культураялъул даража ◊ **совеща́ние на вы́сшем ~не** тIадегIанаб даражаялда совещание

УРОВНЯ́ТЬ *сов. что* битIизабизе, битIа-бишизабизе, цокIаллъизабизе; ~ **доро́гу** нух битIизабизе

УРО́Д *м* 1) (*с физическим недостатком*) сакъатав чи, гIайибав чи 2) (*нравственный*) къабихIаб гIамалалъул чи, лайикъав чи, къадарав чи 3) *разг. (некрасивый)* бегIукъ, сурукъ ◊ **в семье́ не без ~а** *посл.* къабихIав чи камураб хъизан букIунареб (*киди*)

УРОДИ́ //ТЬ *сов.* 1) *что* бачIин кьезе, пихъ кьезе (*хуриса, ахикьа*); **земля́ хорошо́ ~ла** ракьалъ лъикIаб бачIин кьуна 2) *кого-что разг. (родить, породить)* гьавизе; **кто тебя́ тако́го ~л?** лъицагIаги гьединав мун гьавурав?

УРОДИ́ //ТЬСЯ *сов.* 1) (*вырасти, созреть*) бижизе, барщизе, цIубазе; бачIине (*хуриса жо*); **~лось мно́го хле́ба** гIемераб хIалухъен бижана 2) *в кого разг. (родиться похожим на кого-л.) лъиданиги* релълъарав вижизе; **в кого́ он ~лся?** лъида релълъарав жогIаги дов?; **ма́льчик ~лся весь в отца́** вас цIакъ инсуда релълъарав (гьавун) вуго

УРО́ДЛИВОСТЬ *ж* 1) сакъатлъи, гIайиблъи 2) (*некрасивость*) сурукълъи, бегIукълъи

УРО́ДЛИВ//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*с физическим недостатком*) сакъатаб, гIайибаб 2) (*безобразный*) бегIукъаб, сурукъаб 3) (*искаженный, извращенный*) мекъаб; **~ое воспита́ние** мекъаб тарбия

УРО́Д//ОВАТЬ *несов. кого-что* 1) (*калечить*) сакъатлъизабизе, гIайиблъизабизе 2) (*портить*) сурукълъизабизе; **о́спа ~ует лицо́** тIадерахъиялъ гьумер сурукълъизабула; **э́ то пла́тье её ~ует** гьеб гурдеялъ дой сурукълъизаюлей йиго 3) (*нравственно*) хвезабизе, мекъса сверизабизе

УРО́ДСТВО *с* 1) (*физический недостаток*) гIайиблъи, сакъатлъи 2) (*безобразие*) сурукълъи, бегIукълъи 3) (*искажение, извращение*) мекъсаккей; ~ **воспита́ния** тарбия кьеялъул мекъсаккей (тарбиядул мекъсаккей)

УРОЖА́Й *м* бачIин; ~ **на корню́** хурибго бугеб, жеги бакIаричIеб бачIи́н; **убра́ть** ~ бачIин бакIаризе; **небыва́лый** ~ кидаго букIинчIеб гIадаб бачIин; **вы́растить хоро́ший** ~ лъикIаб бачIи́н гIезабизе

УРОЖА́ЙНОСТ//Ь *ж* бачIин, бачIиналъул къадар; **повыше́ние ~и сельскохозя́йственных культу́р** росдал магIишаталъул культурабазул бачIин цIикIкIинаби

УРОЖА́ЙН//ЫЙ, -ая, -ое бачIи́наллъул, бачIи́налда хурхараб, бачIин цIикIкIараб; **~ый год** бачIин цIикIкIараб сон; **~ые сорта́** бачIин цIикIкIун кьолел сортал

УРОЖДЁННАЯ (*употребляется перед девичьей фамилией*) гьаюраб, йижараб мехалъ жий йикIарай...

УРОЖЕ́НЕЦ *м (кивниги)* гьавурав чи; ~ **Москвы́** Москваялда гьавурав чи

УРОЖЕ́НКА *ж (кийниги)* гьаюрай гIадан; ~ **Буйнакска** Буйнахъскиялда гьаюрай гIадан

УРО́К *м* 1) (*задание*) дарс; **де́лать ~и** дарсал гьаризе; **отвеча́ть** ~ дарс бицине; 2) (*учебный час*) дарс; ~ **ру́сского языка́**

гIурус мацIалъул дарс ◊ **э́ то послу́жит ему́ ~ом** гьеб досие дарслъун букIина

УРО́Н *м* (*ущерб*) зиян, зарал, ками; **понести́** ~ зарал ккезе; **причини́ ть** ~ зарал гьабизе

УРОНИ́ТЬ *сов. кого-что* бортизабизе, гIодобе бортизабизе; ~ **кни́ гу** тIехь гIодобе бортизабизе 2) (*унизить*) гIодобе ккезабизе, гIодобегIан гьабизе, гIодобегIанлъизабизе 3) (*опустить*) дализабизе, бортизабизе; ~ **го́лову** бетIер дализабизе, дализе биччазе

УРО́ЧИЩЕ *с* тIабигIияб гIурхъилъун бугеб бакI (масала: кIкIал, хъитI, гIор, лъар, мегIер хIор сага *ва. гь.ц.*)

УРО́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое заман чIезабураб, бихьизабураб; **~ая рабо́та** заман бихьизабураб хIалтIи

УРЧА́НИЕ *с* (*по гл.* **урча́ть**) гъулгъули; чвалчвали, гIалгIали, хулхули; къуркъур, гъваргъвади

УРЧА́ТЬ *несов.* гъулгъудизе (*о животных*); гъваргъвадизе (*о желудке*)

УРЫВА́ТЬ *несов. см.* **урва́ть**

УРЫ́ ВКАМИ *нареч.* мех-мехалъ, гьоркьо-гьоркьоб, зама-заманалдасан; **рабо́тать** ~ зама-заманалдасан хIалтIизе; **ви́ деться** ~ гьоркьо-гьоркьов вихьизе

УРЮ́ К *м собир.* пурчIнадаго (гагаялдаго) бакъвазабураб ахбазан, бакъвараб курак

УС *м см.* **усы́ ;** ◊ **мота́ть себе́ на ус** (*цо мурадалъе гIоло*) хIисабалде босун тезе, ракIалда ккун тезе; **он и в ус не ду́ет** гьев лъикьаниги хIинкъуларо

УСА́ДЕБН//ЫЙ, -ая, -ое усадьбаялъул; **~ая земля́** усадьбаялъул ракь; **~ые постро́йки** усадьбаялъул (усадьбаялда ругел) рукъзал, рарал бакIал

УСАДИ́ТЬ *сов.* 1) *кого* гIодор чIезаризе; ~ **дете́й** лъимал гIодор чIезаризе; **я усади́ л его́ и дал ему́ воды́** дица дов гIодов чIезавуна ва досие лъим кьуна 2) *кого за что или с неопр.* (*заставить заняться чем-л.*) тIамизе; ~ **пить чай** чай гьекъезе тIамизе; ~ *кого-л.* **за рабо́ту** *щивниги* хIалтIизе тIамизе (*гIодов чIун*); ~ *кого-л.* **за шитьё** *щийниги* гIодой чIун, юкъаризе тIамизе 3) *что чем (растениями*) чIезе; ~ **сад я́блонями** ахикь гIечул гъутIби чIезе

УСА́ДЬБА *ж* 1) усадьба, ах-бахчагун цадахъ мина-рукъ 2) **поме́щичья** ~ помещикасул мина, рукъзал 3) ~ **колхо́за (совхо́за)** колхозалъул (совхозалъул) минаби, гьор-бокьал ругеб бакI 4) (*земля, занятая строениями*) минаби рараб ракь, бакI 5) *разг. (приусадебный участок)* минаялда цебе бугеб участок (*бекьулеб ракь*)

УСА́ЖИВАТЬ *несов. см.* **усади́ ть**

УСА́ЖИВАТЬСЯ *несов. см.* **усе́сться**

УСА́ТЫЙ, -ая, -ое 1) (*о человеке*) михъал ругев, михъал тарав; ~ **мужчи́ на** михъал ругев бихьинчи 2) (*о коте*) михъалхалат

УСВА́ИВАТЬ *несов. см.* **усво́ить**

УСВОЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **усво́ить**) 1) би́ чIчIи, лъай, ботIролъе боси; ~ **изуча́емого материа́ла** малъулеб бугеб материал би́ - чIчIи 2) (*пищи и т. п.*) бихIин, чорхолъ боси

УСВО́ИТЬ *сов. что* 1) (*бичIчIун хадуб*) лъазабизе, ракIалде чIезабизе; ~ **уро́к** дарс лъазабизе, ракIалда чIезабизе 2) жиндиего хасиятаблъун гьабизе, чиядасан *сундуениги* живго ругьун гьавизе, релъгьине бокьун, *цо лъилниги* гIамал босизе; ~ **дурну́ю привы́ ч-ку** чиядасан квешаб гIамал босизе 3) (*пищу*) бихIинабизе (*квен*)

УСВОЯ́ ЕМОСТЬ *ж (пищи и т. п.)*, бихIин (*квен*)

УСЕ́ИВАТЬ *несов. см.* **усе́ять**

УСЕ́РДИЕ *с* (*прилежание*) хIаракат, жигар; **рабо́тать с ~м** хIаракат бахъун хIалтIизе

УСЕ́РДНО *нареч. (прилежно)* хIаракатго, хIараката лда, жигаралда, хIаракат бахъун, жигар бахъун

УСЕ́РДНЫЙ, -ая, -ое (*прилежный*) хIаракат бугев, жигар бугев; хIаракатаб, жигараб; ~ **учени́ к** жигарав цIалдохъан

УСЕ́РДСТВОВАТЬ *несов.* хIаракат бахъизе, хIаракат гьабизе, жигар бахъизе

УСЕ́//СТЬСЯ *сов.* 1) (*сесть*) гIодов чIезе; **~сться в кре́сло** креслоялда гIодов чIезе; **~сться за стол** столалда нахъа гIодов чIезе 2) *за что и с неопр. (принять за что-л.) щибниги гьабизе* гIодов чIезе; **он ~лся писа́ть** дов хъвадаризе гIодов чIана; **~сться за кни́ гу** тIехь цIализе гIодов чIезе

УСЕЧЁНН//ЫЙ, -ая, -ое *мат.* тIаса къотIараб; **~ый ко́нус** тIаса къотIараб конус ◊ **~ые фо́рмы** *грам.* къокъ гьарурал формаби

УСЕ́Я//ТЬ *сов. что (покрыть множеством чего-л.)* цIезабизе, бацизабизе; **звёзды ~ли не́бо** зоб цIвабзазул цIун буго

УСИД//Е́ТЬ *сов.* 1) (*остаться сидеть*) гIодов чIун вукIине; **он не ~и́ т ни мину́ты** цо минуталъ гIодов чIун вукIине кIоларо досда 2) *разг. (остаться, пробить где-л.) кивниги* хутIизе, гIодов чIаралъув хутIизе

УСИ́ ДЧИВО *нареч. т*Iад чIун, яхI бахъун; ~ **рабо́тать** тIад чIун хIалтIизе

УСИ́ ДЧИВОСТЬ *ж* тIадчIей, яхI бахъи

УСИ́ДЧИВЫЙ, -ая, -ое тIад чIараб, яхI бахъун гьабулеб; ~ **учени́ к** тIад чIарав, яхI бахъулев цIалдохъан

У́СИКИ *мн.* 1) (*ед.* **у́сик** *м*) *уменьш. от* **усы́ ; у сы́ на уже́** ~ **пробива́ются** васасда гIисинал михъил расал раккулел руго 2) *бот.* рихьал; **виногра́дные** ~ гьабуялъул рихьал 3) *зоол. (у насекомых)* лълъурдул, михъал

УСИЛЕ́НИЕ *с* 1) (*по гл.* **уси́ лить**) кутаклъизаби, гучлъизаби, цIикIкIинаби 2) (*по гл.* **уси́ литься**) кутаклъи, гучлъи, цIикIкIин

УСИ́ЛЕНН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*увеличенный*) цIикIкIинабураб, кутаклъизабураб, гучлъизабураб, хIалуцараб; **~ая до́за** *чего-л. сундулниги* цIикIкIинабураб къадар; **~ое пита́ние** цIикIкIинабураб квен 2) (*неотступный*) нахъ чIвазе захIматаб; **~ые про́сьбы** нахъ чIвазе захIматал гьариял

УСИ́ ЛИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **уси́ лить(ся)**

УСИ́ ЛИ//Е *с* кутак, гуч, къуват; **приложи́ ть ~е** къуват кьезе; **о́бщими ~ями** киназулго къуваталдалъун; **сде́лать над собо́й ~е** хIалица живго цо сунденигни тIамизе, жиндилъго гуч бергьинабизе; **~е во́ли** яхIалъул гуч

УСИЛИ́ ТЕЛЬ *м тех.* усилитель (*щибниги кутаклъизабулеб, цIикIкIинабулеб алат*)

УСИ́ ЛИТЬ *сов.что* цIикIкIинабизе, кутаклъизабизе, гучлъизабизе, кьвакIизабизе; **~ток** ток цIикIкIинабизе; ~ **пита́ние** квен цIикIкIинабизе; ~ **наблюде́ние** халкквей цIикIкIинабизе; ~ **оборо́ну** оборона кутаклъизабизе; ~ **звук** гьаракь цIикIкIинабизе

УСИ́ ЛИ//ТЬСЯ *сов.* цIикIкIине, кутаклъизе, гучлъизе, къвакIизе; **шум ~лся** хъуй-хъай цIикIкIана; **боль ~лась** унти цIикIкIа-на; **дождь ~лся** цIад кутакалда базе лъугьана

УСКАКА́//ТЬ *сов.* бекерун ине (*цебесан*), рухсан ине, биччан чугун, ине; **ко́ни ~ли** чуял рекерун ана 2) *перен. разг.* вортизе, ине; **он ~л на футбо́л** дов футбол хIазе вортана

УСКОЛЬЗА́ТЬ *несов. см.* **ускользну́ть**

УСКОЛЬЗНУ́//ТЬ *сов.* 1) (*вырваться*) борчIизе, хъущтIизе, кIкIуржине; **ры́ба ~ла из рук** ччугIа кверзукьа борчIун ана 2) *перен. (исчезнуть, скрыться)* цевеса тIагIине, паркъизе, цевеса хьвазе; **~ть и́ з дому** рокъоса тIагIине 3) *перен. от кого-чего (остаться незамеченным)* бихьичIого хутIизе, пикру щвечIого ху-тIизе; **э́то ~ло от моего́ внима́ния** гьелде дир пикру щвечIого хутIана

УСКОРЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **уско́рить**) гIедегIизаби, хехлъизаби **2.** (*по гл.* **уско́риться**) гIедегIи, хе́хлъи

УСКО́РЕНН//ЫЙ, -ая, -ое гIедегIизабураб, хехлъизабураб; **~ый курс обуче́ния** цIалул болжал къокъ гьабураб курс; **~ое движе́ние** хехлъизабураб хьвади

УСКО́РИТЬ *сов. что* 1) (*сделать более быстрыми*) гIедегIизабизе, хехлъизабизе; ~ **шаг** хIетI хехлъизабизе 2) хехго лъугьине, букIине, гьабизе ва гь. ц.; ~ **отъе́зд** хехго нахъе ине (*сунданиги рекIун*); ~ **выздоровле́ние** хехго сахлъизабизе

УСКО́РИ//ТЬСЯ *сов.* 1) (*сделать более быстрым*) гIеде-гIизе, хехлъизе; **движе́ние по́езда ~лось** поездалъул ин хехлъана 2) (*приблизиться во времени*) хекко бачIине, ине ва гь.ц.; **его́ отъе́зд ~лся** дов хекко ана

УСЛА́ВЛИВАТЬСЯ *несов. см.* **усло́виться**

УСЛА́ДА *ж поэт.* рохел, рахIат, лазат; **у де́да одна́ ~ – вну́чка** кIудадал цо рохел буго - ясакIо

УСЛА́ТЬ *сов. кого-что* витIизе, рикIкIаде валагьизавизе

УСЛЕДИ́ //ТЬ *сов. за кем-чем* балагьизе, тIалаб-агъаз гьабизе, хал кквезе, хъаравуллъи кквезе; **~ть за ребёнком** лъимадухъ балагьизе; **~ть за происходя́щим** лъугьунелда хадуб хал кквезе; **за всем не ~шь** киналдаго хадуб хал ккун бажаруларо

УСЛО́ВИ//Е *с* 1) (*обстоятельства, обстановка*) шартI; **~я труда́** захIматалъул шартIал; **жили́щные ~я** рукIа-рахъиналъул

шартIал 2) (*требование*) тIалаб, шартIлъун бугеб тIалаб 3) (*соглашение*) къотIи; **подписа́ть ~я** къотIиялда гъоркь гъолбас гьабизе 4) *мн.* **~я** (*правила*) тIалабал, шартIал, правилаби; **техни́ ческие ~я** техникиял тIалабал

УСЛО́ВИ//ТЬСЯ *сов. с кем, о чем и с неопр.* къотIи гьабизе, къотIи ккезе, къотIи-къай гьабизе; **мы ~лись встре́титься здесь** нижеца къотIи гьабуна гьанир дандчIвазе; **~ться о дне встре́чи** щиб къоялъ дандчIвалелали къотIи-къай гьабизе (дандчIвалеб къоялъул къотIи-къай гьабизе)

УСЛО́ВЛИВАТЬСЯ *несов. см.* **усло́виться**

УСЛО́ВНО *нареч.* шартI гьабун, шартI хIисабалда, шартIги бихьизабун, шартIияб къагIидаялъ; **~ приговори́ ть** *кого-л. лъиениги* шартIияб къагIидаялъ тамихI гьабизе

УСЛО́ВНОСТЬ *ж* 1) шартIлъун букIин, шартI гьабун букIин 2) (*что-л. общепринятое*) гIадатлъун букIин

УСЛО́ВН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*ограниченный условием*) шар-тIияб; **~ое согла́сие** шартIияб къотIи; **~ый приговО́р** шартIияб хIукму 2) (*понятный условившимся*) шартIлъун бугеб; **~ый знак** шартIлъун бугеб ишара; **~ый стук** шартIлъун бугеб кIутIи; **~ое ме́сто** шартIлъун бугеб бакI 3) (*не существующий в действительности*) шартIияб (*хIакъикъаталда гьечIеб*); **~ая ли́ ния** шартIияб мухъ 4) *иск.* шартIияб; **~ая декора́ция** шартIияб декорация 5) *грам.* шартIияб; **~ое наклоне́ние** шартIияб наклонение

УСЛОЖНЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **усложни́ ть**) захIмалъизаби **2.** (*по гл.* **усложни́ ться**) захIмалъи **3.** (*усложненное обстоятельство*) захIматаб хIал

УСЛОЖНИ́ТЬ *сов. что* захIмалъизабизе; **~ рабо́ту** хIалтIи захIмалъизабизе

УСЛОЖНИ́//ТЬСЯ *сов.* захIмалъизе, захIматаб хIалалде ккезе; **де́ло ~лось** иш захIматаб хIалалде ккана

УСЛОЖНЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **усложни́ ть(ся)**

УСЛУ́ Г//А *ж* 1) чиясе гьабулеб хъулухъ, пайда, кумек, хъатир, гIаданлъи, квегIенлъи; **оказа́ть ~у** гIаданлъи-хъатир гьабизе; **плати́ ть ~ой за ~у** гьабураб гIаданлъи бецIизе (*цIуралъухъ цIураб кьезе*) 2) *мн.* **~и** (*обслуживание*) хъулухъал; **коммуна́льные ~и** коммуналиял хъулухъал (*ремонт ва гь. ц.*) ◊ **я к ва́шим ~ам** дун дуе хьулухъалъе хIадурав вуго; **медве́жья ~** пайда гьабулебан, чиясе зарар гьаби

УСЛУЖЕ́НИ//Е *с уст.* хъулухъчилъи, рагьдателлъи; **быть** *у кого-л.* **в ~и** *лъилниги* хъулухъчилъун вукIине

УСЛУ́ ЖИВАТЬ *несов.* 1) *см.* **услужи́ ть**; 2) (*прислуживать*) *лъиениги* хъулухъчилъи гьабизе, рагьтIателлъи гьабизе

УСЛУЖИ́ТЬ *сов. кому-чему* хъулухъ, кумек, пайда, гIаданлъи гьабизе (*лъиениги*)

УСЛУ́ЖЛИВЫЙ, -ая, -ое кумек бугев, хъулухъалъе, гIаданлъиялъе хIадурав; **~ дура́к опа́снее врага́** *(погов.*) хъулу-хъалъе хIадурав гIабдал тушманасдасаги квешавила

УСЛЫХА́ТЬ *сов. разг. см.* **услы́ шать**

УСЛЫ́ ША//ТЬ *сов. кого-что, о чем* ргIизе; **я ~л об э́ том вчера́** дида гьелъул хIакъалъулъ сон ргIана

УСМА́ТРИВАТЬ *несов. см.* **усмотре́ть**

УСМЕХА́ТЬСЯ *несов. см.* **усмехну́ться**

УСМЕХНУ́//ТЬСЯ *сов.* велъизе, хьимизе; **в отве́т он то́лько ~лся** жавабалъе гьев гIицIго хьимана

УСМЕ́ШК//А *ж* тIад велъараб, бер-ракI щвечIеб гьими; **гляде́ть с ~ой** *на кого-л. лъихъниги* бер-ракI щвечIеб гьимигун валагьизе

УСМИРЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **усмири́ ть**) 1) чIезаби, квегъи, мутIигI гьаби 2) мерхьин, чIинтIизаби, гIодоцинаби

УСМИРИ́ ТЬ *сов. кого-что* 1) (*укротить*) чIезабизе, квегъизе, мутIигI гьабизе 2) (*подавить*) мерхьине, чIинтIизабизе, гIодоцинабизе; **~ мяте́ж** питна гIодоцинабизе

УСМИРИ́ ТЬСЯ *сов.* чIезе, мутIигIлъизе, гIодоцине

УСМИРЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **усмири́ ть(ся)**

УСМОТРЕ́НИ//Е *с:* **де́йствовать по своему́ ~ю** жиндаго лъикI бихьухье иш гьабизе; **на ва́ше ~е** дудаго лъикI бихьухъе (гьабизе изну буго)

УСМОТРЕ́ТЬ *сов.* 1) *за кем-чем (уследить)* балагьизе, хал ккквезе; **за всем не усмо́тришь** киналдаго хадуб хал ккун (гьабун) бажаруларо 2) *что (установить, понять)* чIезабизе, бичIчIизе, рагьизе; **~ оши́ бку** гьалатI бичIчIизе 3) *разг. (заметить)* батизе, бихьизе, лъазе

УСНУ́ //ТЬ *сов.* 1) (*заснуть*) кьижизе, кьижун ккезе 2) *перен. (затихнуть, замереть*) сасине 3) (*о рыбе*) хвезе

УСОВЕРШЕ́НСТВОВАНИ//Е *с* **1.** (*по гл.* **усовершéнствовать**) камиллъизаби, цебе букIаралдаса лъикI гьаби **2.** камиллъи, цебе букIаралдаса лъикI лъугьин **3.** (*улучшение*) цIи́лъи, лъи́кIлъи; **внести́ техни́ческие ~я** техникиял цIилъаби хIалтIизаризе

УСОВЕРШЕ́НСТВОВАТЬ *сов. что* камиллъизабизе, цебе букIаралдаса лъикIлъизабизе

УСОВЕРШЕ́НСТВОВАТЬСЯ *сов. в чем* камиллъизе, цебе букIаралдаса лъикI лъугьине

УСО́ВЕСТИТЬ *сов. кого, разг.* нечезавизе, намуслъизавизе

УСОМНИ́ ТЬСЯ *сов. в ком-чем сунданиги* щаклъизе, васвасдизе

УСО́ХНУТЬ *сов. (уменьшиться)* бакъван дагьлъизе, гьитIинлъизе (*в объёме*); бакъван тIадагьлъизе (*в весе*)

УСПЕВА́ЕМОСТЬ *ж* цIалуда хадур гъей; **высо́кая ~ у студе́нтов** студентазул тIадегIанаб цIалуда хадур гъей

УСПЕВА́//ТЬ *несов.* 1) *см.* **успе́ть; я не ~ю э́то сде́лать** жиндир заманалда гьеб гьабун дихъа бажаруларо 2) *в чём разг. (успешно учиться)* лъикI лъазе, бичIчIизе; **~ть по геогра́фии** география лъикI лъазе

УСПЕВА́ЮЩ//ИЙ, -ая,-ое лъикIго цIалулев; **~ие ученики́** лъикI цIалулел цIалдохъаби

УСПЕ́ЕТСЯ *сов. безл. разг.* кватIун ккеларин, щвечIого хутIиларин

УСПЕ́//ТЬ *сов.* 1) (*прибыть к сроку*) кватIунгутIизе, заманалда щвезе, гIужда щвезе, заман гIезе; **я ~л сходи́ ть в магази́н** тукаде инеги заман гIуна дир 2) *в чем (достигнуть успеха)* бажаризе 3) (*суметь сделать к сроку*) заманалда гьабун бажаризе; **~ть написа́ть к сро́ку** заманалда хъван бажаризе

УСПЕ́Х *м* 1) (*достижение*) бажари, бергьенлъи; **доби́ ться ~а** бергьенлъи щвезе; **не име́ть ~а** мурадалде щунгутIизе; къадрукъимат хвезе; **жела́ю** (*вам*) **~а!** бергьенлъи щваги (*нужее*)! 2) *мн.* **~и** хIасилал; **учени́к сде́лал больши́е ~и** цIалдохъанас лъикIал хIасилал рихьизаруна 3) (*признание*) къадру-къимат ◊ **с ~ом** бигьаго, къо бихьичIого, бергьенлъиялда

УСПЕ́ШНО *нареч.* лъикI, бергьенлъиялда; **дела́ иду́т** ~ иш лъикI унеб буго; **де́йствовать** ~ бергьенлъиялда хIалтIизе; **~ учи́ -ться** лъикI цIализе

УСПЕ́ШНЫЙ, -ая, -ое лъикIаб, разияб, бергьенлъиялъулаб; **~ ход рабо́ты** хIалтIи лъикI ин

УСПОКА́ИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **успоко́ить(ся)**

УСПОКОЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **успоко́ить**) гIодоцинаби, ракI паракъалъизаби, гIодове виччазави (вуссинави) **2.** (*по гл.* **успоко́иться**) гIодоцин, ракI паракъалъи, гIодове виччай

УСПОКОЙТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое гIодоцинабулеб, танкизабулеб, ракI паракъалъизабулеб, секьизабулеб; **~ое лека́рство** (унти) секьизабулеб дару; **~ые изве́стия** ракI паракъалъизабулел харбал

УСПОКО́И//ТЬ *сов.* 1) *кого* ракI паракъалъизабизе, гIодове виччазавизе; **~ть ребёнка** лъимер гIодобе биччазабизе 2) *что (смягчить)* секьизабизе; **лека́рство ~ло боль** даруялъ унти секьизабуна, гIодобе биччазабуна, бигьалъи лъугьинабуна

УСПОКО́//ИТЬСЯ *сов.* 1) (*стать спокойным*) гIодоцине, ракI паракъалъизе, гIодобе биччазе; **де́ти ~ились и усну́ли** лъимал гIодоре риччана ва кьижун ккана; **он не ~ится, пока́ не сде́лает э́того** гьеб гьабичIого, дов гIодове виччазе гьечIо; **~йтесь!** гIодоре риччай, хехдаруге! 2) (*умериться, смягчиться*) секьизе; **боль ~илась** унти секьана, бигьалъи лъугьана

УСТА́ *мн. уст. (рот)* кIал, кIветI-кIал; **э́ то у всех на ~х** гьеб кIалзухъ бахъун буго, лъицаго бицунеб буго гьелъул ◊ **из уст в ~** цояс цоясда бицун; **ва́шими бы ~ми да мёд пить** кIални цIакъ бахьинаб буго дур

УСТА́В *м* устав (*щибниги тIубазабиялъул, хIалтIизабиялъул низам чIезабулел къагIидаби; кинаб букIаниги идараялъул гIуцIи, ишал, ихтиярал чIезарулел къагIидаби)*

УСТАВА́ТЬ *несов. см.* **уста́ть**

УСТА́ВИТЬ *сов. что* 1) *кого-что (разместить)* лъезе, рекъезабизе; **~ все кни́ ги на по́лку** киналго тIахьал хъорщода лъезе 2) *что, в кого-что и на кого-что перен. (устремить взгляд)*

ралагьизе, ралагьун чIезе; **~ глаза́** *на кого-л. лъихъниги,* бер тIаса босичIого, ралагьун чIезе

УСТА́ВИ//ТЬСЯ *сов. разг.* 1) (*уместиться*) гьине; **вся ме́бель ~лась в одно́й ко́мнате** кинабго мебель цохIо рокъоб гьана 2) *на кого-что, в кого-что* ралагьун чIезе, бер тIаса боси-чIого, ралагьизе; **~ться на доро́гу** нухде ралагьун чIезе; **что ты так ~лся?** щай мун гьедин (*дихъ)* валагьун чIарав?

УСТАВЛЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **уста́вить(ся)**

УСТА́ЛОСТЬ *ж* свак, свакай

УСТА́Л//ЫЙ, -ая, -ое свакараб; **~ый го́лос** свакараб гьаракь; **~ые глаза́** свакарал берал

У́СТАЛ//Ь *ж*: **без ~и** свакачIого, гьоркьоса къотIичIого; **рабо́тать без ~и** свак лъачIаго, хIалтIизе; **не знать ~и** свак лъангутIизе

УСТАНА́ВЛИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **установи́ ть(ся)**

УСТАНОВИ́ТЬ *сов.что* 1) (*поставить надлежащим образом*) лъезе; **~ телефо́н** телефон лъезе; **~ прибо́р** прибор лъезе 2) (*наладить*) рекъезабизе; **~ часы́** сагIат рекъезабизе 3) (*добиться осуществления чего-л.*) букIинабизе, чIезабизе; **~ дипломати́ческие отноше́ния** дипломатиял гьоркьорлъаби рукIинаризе 4) (*предписать, обнаружить*) чIезабизе; **~ разме́р опла́ты** мухьалъул роцен чIезабизе 5) чIезабизе; **~ вино́вность** гIайиб букIин чIезабизе; **~ наруше́ние зако́на** закон хвезабун букIин чIезабизе 6) (*осуществить, устроить*) **~ наблюде́ние** халкквей букIинабизе 7) (*добиться осуществления чего-л.*) букIинабизе; **~ тишину́** сихIкъотIи букIинабизе

УСТАНОВИ́ ТЬСЯ *сов.* 1) (*укрепиться, наладиться*) рукIалиде ккезе; лъугьине; **~лась пого́да** гьава-бакъ рукIалиде ккана; хисичIого чIана; **~лся поря́док** гIадлу-низам лъугьана 2) (*сложиться, оформиться*) лъугьине, камиллъизе, щвалде щвезе; **по́черк у него́ ещё не ~лся** жиги досул хатI камиллъун гьечIо

УСТАНО́ВК//А *ж* 1) (*по гл.* **установи́ть**) лъей 2) *тех. (устройство, механизм*) установка; **заводски́е ~и** заводалъул установкаби 3) (*директива, указание*) установка, бихьизаби, амру; **по ~ам министе́рства** министерствоялъул рихьизариязда рекъон 4) (*цель, ориентация*) мурад, нух

УСТАНОВЛЕ́НИЕ *с* 1) (*по гл.* **установи́ть**) букIинаби, лъугьинаби, гIуцIи 2) *уст.* чIезабураб жо, закон

УСТАНО́ВЛЕНН//ЫЙ, -ая, -ое бихьизабураб, чIезабураб; **в ~ом поря́дке** чIезабураб низамалда; **в ~ый час** бихьизабураб заманялда, сагIаталда

УСТАНО́ВОЧНЫЙ, -ая, -ое 1) *тех.:* **~ винт** *щибниги* тIад рекъезабизе бугеб бурав, винт 2) (*дающий установку, директивный*) директиваялда (*гIаммаб нухмалъиялъул буюрухъалда*) хурхараб; **~ докла́д** директиваялда хурхараб доклад

УСТАРЕВА́ТЬ *несов. см.* **устаре́ть**

УСТАРЕ́ВШИЙ, -ая, -ее, **устаре́лый** -ая, -ое басралъараб, херлъараб, нахъе ккараб; **~ ме́тод** басралъараб къагIида; **~ взгля́д** нахъе ккараб бербалагьи (пикру)

УСТАРЕ́//ТЬ *сов.* херлъизе, басралъизе, нахъе ккезе; **эти взгля́ды ~ли** гьел пикраби (гьанже) басралъун руго

УСТА́//ТЬ *сов.* сваказе; **я ~л от ходьбы́** дун вилълъанхъун свакан вуго; **~ть с доро́ги** нухда сваказе, сапаралдаса свакан вуссине

УСТИЛА́ТЬ *несов. см.* **устла́ть**

УСТЛА́ТЬ *сов. что, чем (постилая покрыть)* гIодоб тIамизе, гъоркь тIамизе, гIодоб ккевзе; **~ пол ковра́ми** чIарбида тIансаби тIамизе

У́ СТНО *нареч.* бицун (*кIалалъ бицун*)

У́СТН//ЫЙ, -ая, -ое кIалзул; **~ая речь** кIалзул калам; **~ый экза́мен** кIалзул экзамен; **~ый счёт** кIалзул хIисаб, рекIел хIисаб, рекIехъе гьабулеб хIисаб

УСТО́/Й *м* 1) (*опора моста*) сак, хIуби 2) (*опора, подпорка*) кьучI; тIад баччизе бугеб жо 3) *перен. мн.* **~и** кьучI, кьучIал; **общественные ~и** обществояльул кьучIал 4) (*сливки*) тIорахь; **~й молока́** тIорахь (лъамияб тIорахь, рахьдатIа ккараб тIорахь)

УСТО́ЙЧИВОСТЬ *ж* 1) щулалъи, къвакIи 2) (*постоянство*) чIара-хьараб хIал, чIара-хьараб букIин

УСТО́ЙЧИВ//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*твердо стоящий*) щулаго чIолеб, хьвагIоларе6; **~ая ло́дка** гьанкIоларе6, хьвагIоларе6 раса 2) (*постоянный*) чIара-хьараб; хисулареб; **~ые це́ны** чIара-хьарал, хисуларел багъаби; **~ая пого́да** чIара-хьараб гьава-бакъ 3) *перен. (стойкий)* хисулареб, къвакIараб, щулияб; **~ое убежде́ние** хисулареб, щулияб пикру

УСТОЯ́ ТЬ *сов.* 1) (*удержаться на месте*) вахъун чIезе; **~ на нога́х** хIатIазда вахъун чIезе, бохдузда вахъун чIезе 2) *перен. (остаться стойким)* къвакIун чIезе, щулаго чIезе, чучунгутIизе, чухьарлъунгутIизе; **~ пе́ред испыта́нием** захIмалъабазда цеве (захIмалъабазе) чучунгутIизе

УСТОЯ́//ТЬСЯ *сов.* 1) (*о жидкости*) тIокIкIине 2) *перен. (стать постоянным)* чIара-хьараблъун букIине; **дохо́д ~лся** хайир чIара-хьараблъун лъугьана

УСТРА́ИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **устро́ить(ся)**

УСТРАНЕ́НИЕ *с* лъугIизаби, тIагIинаби, рикIкIад гьаби; гьоркьоса бахъи; **~ недоста́тков** гIунгутIаби тIагIинари, лъугIизари

УСТРАНИ́ТЬ *сов.* 1) *кого-что (удалить, изъять*) нахъе гьабизе, нахъе рехизе, лъугIизабизе; **~ прегра́ду с пути́** нухдаса квалквалал лъугIизаризе 2) *что (изжить)* лъугIизаризе; **~ недоста́тки** гIунгутIаби лъугIизаризе 3) (*уволить*) вахъизе, рехизе, нахъе гьавизе; **~ от рабо́ты** хIалтIудаса вахъизе, эркен гьавизе

УСТРАНИ́ТЬСЯ *сов. от чего (отстраниться от чего-л.)* гIахьаллъунгутIизе, нахъе кIанцIун чIезе, нахъе къан чIезе 2) (*исчезнуть*) тIагIине, лъугIизе

УСТРАНЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **устрани́ ть(ся)**

УСТРАША́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **устраши́ ть(ся)**

УСТРАШЕ́НИ//Е *с* **1.** (*по гл.* **устраши́ ть**) хIинкъизаби **2.** (*по гл.* **устраши́ ться**) хIи́нкъи

УСТРАШИ́ ТЬ *сов. кого-что* хIинкъизабизе; **~ врага́** тушман хIинкъизавизе

УСТРАШИ́ ТЬСЯ *сов. кого-чего* хIинкъизе; **~ опа́сности** балагьалдаса хIинкъизе

УСТРЕМИ́ТЬ *сов. что* 1) (*стремительно двинуть*) битIун тIаде балагьизабизе, биччазе, багъаризабизе; **~ ко́нницу на проти́вника** тушманасда тIаде рекIаразул аскар балагьизабизе 2) *перен.* (*сосредоточить*) буссинабизе; **~ внима́ние** пикру буссинабизе

УСТРЕМИ́ ТЬСЯ *сов.* 1) (*стремительно двинуться*) хехго битIун тIаде ине, багъарун тIаде ине; **та́нки ~лись на врага́** танкал тушманасда тIаде рагъарун ана 2) *перен.* буссине; **взо́ры всех ~лись на вошёдшего** киназулго (берзул балагьи) берал жаниве вачIарасде руссана

УСТРЕМЛЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **устреми́ ться**) хехго тIаде ин, багъарун тIаде ин **2.** (*цель, намерение*) мурад, къасд

УСТРЕМЛЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **устреми́ ть(ся)**

У́ СТРИЦА *ж зоол.* устрица (*ралъдал мукIучIиялъуб букIунеб рухIчIаголъи*)

УСТРОЙТЕЛЬ *м щибниги* гIуцIарав чи; **~ конце́рта** концерт гIуцIарав чи

УСТРО́И//ТЬ *сов.* 1) *что (организовать*) гIуцIизе, гьабизе, **~ть вы́ ставку** выставка гIуцIизе; **~ть конце́рт** концерт гьабизе 2) *что (привести в порядок)* рекъа-решезабизе; **~ть свои́ дела́** жиндирго ишал рекъа-решезаризе 3) *что (учинить)* гьабизе; **~ть** *кому-л.* **неприя́тность** *лъиениги* лазатбахъи гьабизе 4) *кого-что (поместить, определить)* восизавизе; **~ть ребёнка в шко́лу** лъимер школалде кьезе, босизабизе 5) *кого-что (оказаться удобным)* данде ккезе, рекъон ккезе; **э́та рабо́та меня́ ~т** гьеб хIалтIи дие данде ккола 6) *что (соорудить, построить)* гьабизе; **~ть сце́ну на поля́не** рохьил рацIцIалъуда сцена гьабизе 7) *что кому* балагьизе, щвезабизе; **~ть биле́т в теа́тр** театралде ине билет щвезабизе

УСТРО́И//ТЬСЯ *сов.* 1) (*наладиться*) тIубазе, тIуба-гъубазе, паракъалъизе, рекъа-решон ккезе; **всё ~лось хорошо́** кинабго лъикI тIуба-гъубана 2) (*расположиться*) чIезе, паракъалъизе; **~ться поудо́бнее** санагIалъиялда чIезе 3) (*поступить куда-л.*) лъугьине; **~ться на рабо́ту** хIалтIуде лъугьине

УСТРО́ЙСТВО *с* **1.** (*по гл.* **устро́ить**) гIуцIи, рекъе-решезаби **2.** (*по гл.* **устро́иться**) тIубай, тIуба-гъубай, рекъа-решон ккей, паракъалъи **3.** (*строй*) гIуцIи́; **госуда́рственное ~** пачалихъияб гIуцIи́ **4.** (*конструкция*) конструкция **5.** (*механизм, приспособление*) механизм, квегIенлъи; **регули́рующее ~** рекъезабулеб квегIенлъи

УСТУ́ П *м (ступень)* болъо, мегIели

УСТУПА́ТЬ *несов. см.* **уступи́ ть**

УСТУПИ́ ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое *грам.* уступительний; **~ сою́ з** уступительний союз

УСТУПИ́ТЬ *сов.* 1) *кого-что (добровольно отказаться от чего-л.)* бокьун инкар гьабизе; цогидасе биччазе, кьезе, тезе; **~ ме́сто** гIодов вукIине бакI биччазе; *~ кому-л.* **доро́гу** *лъиениги* нух тезе 2) *кому в чём* кьезе; **~ в спо́ре** кьецалъулъ кьезе 4) *кому-чему в чём* мукIурлъизе; **он никому́ не усту́пит в э́ том** гьеб ишалъулъ дов лъиениги мукIурлъизе гьечIо 4) *что кому разг. (продать дешевле*) учузго кьезе, багьа гIодобе бачине

УСТУ́ ПК//А *ж* 1) (*по гл.* **уступи́ ть**) тей, кьей, биччай (*цогидасе*) 2) *перен. (компромисс*) кIиябго рахъ разилъи, мукIурлъи; **он никогда́ не идёт на ~и** дос киданиги разилъи кьоларо 3) (*скидка в цене*) учузго кьей, багьа гIодобе бачин

УСТУ́ПЧИВЫЙ, -ая, -ое цогидасе нух толев, разилъулев, мукIурлъулев, дагIба гьечIев; **~ челове́к** дагIба гьечIев (дагIбадуларев) чи

УСТЫДИ́ ТЬ *сов. кого* нечезавизе, намуслъизавизе

У́ СТЬЕ *с* 1) (*реки*) гIор ралъдалъе, хIоринибе чвахулеб бакI, гIурул ахалъи 2) (*отверстие*) кIалтIу, каратI; **~ печи́** печалъул каратI

УСУГУБИ́ТЬ *сов. что* цIикIкIинабизе, кутаклъизабизе; **~ свою́ вину́** жиндирго гIайиб цIикIкIинабизе

УСУГУБИ́ ТЬСЯ *сов.* цIикIкIине, кутаклъизе

УСУГУБЛЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **усугуби́ ть(ся)**

УСУ́ШКА *ж* I. (*по гл.* **усо́хнуть**) цIакъго бакъвазаби 2. (*потеря в весе*) бакъван тIаса араб къадар; **~ зерна́** тIощалил бакъван тIаса араб къадар (*цIайидул*)

УСЫ́ *мн.* (*ед.* **ус** *м*) 1) михъал; **отрасти́ ть ~** михъал тезе 2) (*животного*) михъал; **кот шевели́ т уса́ми** катица михъал рагъарахъдизарулел руго ◊ **мы са́ми с уса́ми** нижгияли гIантал, тохал гьечIел, нижги лъидасаниги къадарал, кьабихIал гуро

УСЫЛА́ТЬ *несов. см.* **усла́ть**

УСЫНОВИ́ТЬ *сов. кого* васлъун гьавизе; **~ ребёнка** (*чияр*) лъимер васлъун гьавизе

УСЫНОВЛЕ́НИЕ *с* васлъун гьави

УСЫНОВЛЯ́ ТЬ *несов. см.* **усынови́ ть**

УСЫПА́ЛЬНИЦА *ж (гробница)* цо тухумалъул, цо хъизамалъул чагIи рукъараб, рукъ гIадин чIухIизабун кьачIараб бакI, мавзолей, хъуба

УСЫ́ ПАТЬ *сов. что* 1) тIаде щвазе, тIаде бан тIибитIизе; **~ доро́жку песко́м** нухде сали щвазе 2) *перен. (усеять)* цIезабизе (*гIемерал жалаз*); бацизабизе

УСЫПА́ТЬ *несов. см.* **усы́ пать**

УСЫПИ́ ТЬ *сов.* 1) *кого (заставить уснуть)* кьижизабизе 2) *кого (умертвить животное*) загьруги кьун хвезабизе; **~ больну́ю соба́ку** унтараб гьой загьруги кьун хвезабизе 3) *что перен.* лъугIизабизе, инабизе, загIиплъизабизе, дагьлъизабизе, тохлъизабизе, гъапуллъизабизе; **~ подозре́ния** щакдараби дагьлъизаризе

УСЫПЛЯ́ ТЬ *несов. см.* **усыпи́ ть**

УСЫХА́ТЬ *несов. см.* **усо́хнуть**

УТА́ИВАТЬ *несов. см.* **утаи́ть**

УТАИ́ТЬ *сов. что* 1) (*скрыть*) балъго гьабизе; **~ пра́вду** хIакъикъат балъго гьабизе 2) (*присвоить*) жиндиего бахчун тезе; **~ чужи́е ве́щи** чияр кьайи жиндиего бахчун тезе 3) (*спрятать*) бахчизе, бахча-хьван тезе

УТА́ЙК//А *ж* (*по гл.* **утаи́ ть**) бахчи, бахча-хьвай, балъго гьаби, бахчун тей, бахча-хьван тей; **без ~и** бахчичIого, балъго гьабичIого

УТА́ПТЫВАТЬ *несов. см.* **утопта́ть**

УТА́СКИВАТЬ *несов. см.* **утащи́ ть**

УТАЩИ́ТЬ *сов.* 1) *кого-что (унести)* баччун ине, бехъерхъун ине, босун ине 2) *кого-что (украсть)* бикъизе, хъамизе 3) *кого перен. разг. (увести за собой*) цадахъ вачине, цадахъ вехъерхъизе; *~ кого́-л.* **в го́сти** *щивниги* гьоболъухъ вилъгьине мукIур гьавизе

У́ТВАРЬ *ж собир.* кьайи-цIа, кьайи-къоно; **дома́шняя ~** рукъалъул кьайи-цIа

УТВЕРДИ́ТЕЛЬНО *нареч.* тасдикъ гьабун, ритIухъ гьабун, кьабул гьабун, тIад рекъон, улъизабун; **отве́тить ~** ритIухъ гьабун, жаваб кьезе; **~ кива́ть голово́й** ритIухъ гьабун бетIер гьанкIизабизе

УТВЕРДИ́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое тасдикъ гьабулеб, ритIухъ гьабулеб, кьабул гьабулеб, тIад рекъолеб, улъизабулеб; **дать ~ый отве́т** ритIухъ гьабулеб жаваб кьезе 2) *грам.* буголъиялъул, тасдикъ гьабиялъул; **~ое предложе́ние** тасдикъ гьабиялъул предложение

УТВЕРДИ́ ТЬ *сов.* 1) *кого-что (установить)* тасдикъ гьабизе, ритIухъ гьабизе, кьабул гьабизе; **~ план рабо́ты** хIалтIул план тасдикъ гьабизе 2) *что (укрепить)* щула гьабизе; **~ опо́ры в земле́** ракьулъ хIубал щула гьаризе 3) *кого (убедить)* ракI чIезабизе, божизавизе; **~ в мы́ сли** (*жиндирго*) пикруялда божизавизе 4) *кого (назначить*) тасдикъ гьавизе (*хъулухъалда*)

УТВЕРДИ́ //ТЬСЯ *сов.* 1) (*упрочиться*) щулалъизе 2) (*закрепиться за кем-чем*) киназулго пикру букIине (*лъилниги, сундулниги хIакъалъулъ*); **за ним ~лось мне́ние, что он шалопа́й** киназулго пикру буго дов кIудияв кIохIал, ишгьечI вугилан 3) *в чём (убедиться*) *сунданиги* божизе, ракI чIезе

УТВЕРЖДА́//ТЬ *несов.* 1) *см.* **утверди́ ть**; 2) *что (уверять*) божизавизе, ракI чIезабизе; **он ~ет, что не был там** дос ракI чIезабулеб буго жив дова вукIинчIилан

УТВЕРЖДА́ТЬСЯ *несов. см.* **утверди́ ться**

УТВЕРЖДЕ́НИ//Е *с* **1.** (*по гл.* **утверди́ть**) тасдикъ гьаби, ритIухъ гьаби, кьабул гьаби **2.** (*по гл.* **утверди́ться**) щулалъи, божи, ракIчIей **3.** (*мнение*) пикру; **его́ ~я соверше́нно пра́вильные** досул пикраби тIуранго ритIарал руго (абурал жал тIуранго ритIарал руго)

УТЕКА́ТЬ *несов. см.* **уте́чь**

УТЁНОК *м* (*мн.* **утя́ та**) ордекалъул тIинчI

УТЕПЛЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **утепли́ ть**) хинлъизаби, бахьизаби

УТЕПЛИ́ ТЬ *сов. что* хинлъизабизе

УТЕПЛЯ́ ТЬ *несов. см.* **утепли́ ть**

УТЕРЕ́ТЬ *сов. кого-что* бацIцIине; **~ пот** гIетI бацIцIине; **~ лицо́** гьумер бацIцIине ◊ **~ нос** *кому-л. лъидасаниги сундулъниги* бергьине

УТЕРЕ́ТЬСЯ *сов. чем разг. (вытереться) (живго)* вацIцIине, (*жиндирго*) гьумер-квер бацIцIине

УТЕРПЕ́//ТЬ *сов. что, от чего* хIехьезе, сабру гьабизе, яхI гьабизе

УТЕ́РЯ *ж* ками; били, борти

УТЕРЯ́ ТЬ *сов. что* 1) (*потерять*) билизабизе; **~ докуме́нты** документал рилизаризе 2) *(утратить)* махIрумлъизе; **~ зре́ние** берзул канлъиялдаса махIрумлъизе

УТЁС *м* кьуру, хъинс

УТЕ́ХА *ж* рекIелгъей, кеп

УТЕ́ЧКА *ж (потеря)* ин, чвахун ин; тIаса ин; **~ га́за** газ къватIибе ин

УТЕ́ЧЬ *сов.* 1) (*о жидкости*) чвахун ине 2) *разг. (о времени)* ине (*заман*) ◊ **мно́го воды́ утекло́ с тех пор** долдаса нахъе гIемераб заман ана (лъим чвахана); чанги гIатI ххенана гIалил гьабица

УТЕША́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **уте́шить(ся)**

УТЕШЕ́НИ//Е *с* **1.** (*по гл.* **уте́шить**) ракI гъезаби, гIодове вуссинави, ракI бохизаби, ракI чучизаби **2**. (*по гл.* **уте́шиться**) ракI гъей, хIал хьей, ракI бохи, ракI чучи **3.** *перен.* (*приносящий радость*) ракI гъезабулеб, ракI бохизабулеб, ракI чучизабулеб иш

УТЕШИ́ТЕЛЬ *м* ракI гъезабулев, хIал хьезабулев, ракI бохизабулев, ракI чучизабулев чи

УТЕШИ́ТЕЛЬНИЦА *ж* ракI гъезабулей, хIал хьезабулей, ракI бохизабулей, ракI чучизабулей гIадан

УТЕШИ́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое ракI гъезабулеб, хIал хьезабулеб, ракI бохизабулеб, ракI чучизабулеб; **~ое изве́стие** ракI бохизабулеб хабар

УТЕ́ШИТЬ *сов. кого-что* ракI-макI гьабизе, гIодове вуссинавизе, виччазавизе; ракI гъезабизе, ургъалаби бигьа гьаризе, ракI бохизабизе, ракI чучизабизе (*успокоить*); рохизаризе (*обрадовать*); **~ ребёнка** лъимер бохизабизе; **~ страда́ющую мать** кьваридго йигей (кьварилъабаз кIвекIулей) эбел йохизайизе

УТЕ́ШИТЬСЯ *сов.* гIодове вуссине, ракI бохизе, ракI чучизе; **~ мы́ слью о том, что...** гьелъул хIакъалъулъ пикруялъ гIодове вуссине

УТИЛИЗА́ЦИЯ *ж* пайда боси, гIадада хвезе течIого пайда боси

УТИЛИЗИ́ РОВАТЬ *сов. и несов. что* пайда босизе, гIадада хвезе течIого пайда босизе

УТИЛИТА́РНЫЙ, -ая, -ое пайда босиялъул, пайда босиялда хурхараб

УТИ́ ЛЬ *м собир.* (*чIорто-къехь, ракьа, цIер, басрияб кагъат ва гь. ц.)* магъакь-кIачар

УТИЛЬСЫРЬЁ *с собир. см.* **ути́ ль**

УТИ́Н//ЫЙ, -ая, -ое *зоол.* ордекалъул, ордеказул; **~ое яйцо́** ордекалъул хоно

УТИРА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **утере́ть(ся)**

УТИХА́ТЬ *несов. см.* **ути́ хнуть**

УТИ́ ХНУТЬ *сов.* 1) (*о звуке, шуме*) гIодоцине, сасине, секьизе, сихI къотIизе, танкизе 2) (*успокоиться*) гIодобе биччазе; **ребёнок ути́ х** лъимер гIодобе биччана

УТИХОМИ́ РИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **утихоми́ рить(ся)**

УТИХОМИ́РИТЬ *сов. кого-что разг.* буцIцIинабизе, чIезабизе, сасинабизе (*унять*); гIодоцинабизе, танкизабизе, секьизабизе (*ослабить проявление*)

УТИХОМИ́ РИТЬСЯ *сов. разг.* гIодобе биччазе, сасине, буцIцIине (*успокоиться*); гIодоцине, секьизе, танкизе (*ослабить*)

У́ ТК//А *ж* 1) *зоол.* ордек 2) *разг. (ложный слух)* гьереси, гьересияб хабар, гуккизе биччараб хабар; **пусти́ть ~у** гьересияб хабар биччазе

УТКНУ́ТЬ *сов. что, во что, разг.* (*погрузить, спрятать*) къазабизе, бахчизе; **~ лицо́ в воротни́к** гьумер (*пальтоялъул*) габуралъулъ бахчизабизе ◊ **~ нос в кни́гу** машгъулго (цIакъ машгъуллъун) тIехь цIализе, тIаса бер босичIого, бетIер эхеде борхичIого тIехь цIализе

УТКНУ́ТЬСЯ *сов., во что, разг.* 1) (*погрузиться во что-л.)* вахчун чIезе, тIупун чIезе; **~ голово́й в поду́шку** бетIерги къандалъоялъулъ бахчун чIезе 2) *перен.* (*сосредоточиться*) цо ишалде вуссине, машгъуллъизе, тIад чIезе; **~ в кни́ гу** тIехьалде машгъуллъизе

УТКОНО́С *м зоол.* утконос (*Австралиялда ва Тасманиялда букIунеб ордекалъул гIадаб мегIер бугеб гьитIинаб хIайван*)

У́ ТЛЫЙ, -ая, -ое (*о судне*) чIимигIаб (*гама*)

УТО́К *м текст.* гIебсакун (*ххамил рессиялда*)

УТОЛЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **утоли́ ть**) ракъи-къеч хьвазаби, ракъи-къеч буссинаби

УТОЛИ́ТЬ *сов. что* 1) (*удовлетворить*) ракъи-къеч хьвазабизе, ракъи-къеч буссинабизе; буссинабизе, хьвазабизе; **~ жа́жду** къеч буссинабизе 2) *перен. (успокоить)* чучизабизе, гIодоцинабизе, танкизабизе, секьизабизе, свинабизе; **~ боль** унти гIодоцинабизе

УТОЛСТИ́ТЬ *сов. что* бицалъизабизе, бицат гьабизе; **~ верёвку** квар бицалъизабизе

УТОЛСТИ́ТЬСЯ *сов.* бицалъизе, бицатаб лъугьине, бицалъун ине

УТОЛЩА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **утолсти́ ть(ся)**

УТОЛЩЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **утолсти́ ть**) бицалъи **2.** (*утолщенная часть чего-л.*) бицатаб бакI, бицатаб рахъ

УТОЛЯ́ ТЬ *несов. см.* **утоли́ ть**

УТОМИ́ ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое бизараб, чIамучIаб, чIалгIинабулеб, сваказабулеб, хIал дагьлъизабулеб, рухI лъугIизабулеб; **~ый разгово́р** чIамучIаб хабар; **~ая доро́га** чIамучIаб нух

УТОМИ́//ТЬ *сов. кого-что* бизарлъизабизе, чIамучIлъизабизе, чIалгIинабизе, сваказабизе, хIал дагьлъизабизе, рухI лъугIизабизе; **доро́га си́ льно ~ла меня́** нухалъ (сапаралъ) дун кутакалда сваказавуна

УТОМИ́//ТЬСЯ *сов.* бизарлъизе, чIамучIлъизе, чIалгIине, сваказе, хIал дагьлъизе, рухI лъугIизе; **он бы́ стро ~лся** дов хехго свакана

УТОМЛЕ́НИЕ *с* бизарлъи, чIамучIлъи, чIалгIин, свакай, хIал дагьлъи, рухI лъугIи; **почу́вствовать ~** свак лъазе

УТОМЛЁНН//ЫЙ, -ая, -ое свакараб, хIал дагьлъараб, рухI лъугIараб; **~ые лю́ ди** хIал дагьлъарал гIадамал

УТОМЛЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **утоми́ ть(ся)**

УТОНУ́ТЬ *сов.* 1) гъанкъизе (*лъадалъ*) 2) (*погрузиться*) тIерхьине; **~ в мя́ гком кре́сле** тамахаб креслоялъув тIерхьине 3) *в чём перен. (стать незаметным)* тIерхьине; **~ в зе́лени** гIурччинлъиялъулъ тIерхьине, бахчизе (*бихьунгутIизе*)

УТОНЧА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **утончи́ ть(ся)**

УТОНЧЁННЫЙ, -ая, -ое (*изысканный*) чIурканаб, назикаб; тIадегIанаб даражаялде бахараб; **~ вкус** лъикIаб-квешаб жо батIа бахъизе лъай

УТОНЧИ́ТЬ *сов. что* 1) (*сделать более тонким*) тIеренлъизабизе, тIерен гьабизе 2) *перен. (сделать более изысканным)* чIурканлъизабизе, назуклъизабизе

УТОНЧИ́ТЬСЯ *сов.* 1) (*стать более тонким*) тIеренлъизе, тIеренлъун ине 2) (*стать более изысканным*) чIурканлъизе, назуклъизе

УТОПА́ТЬ *несов.* 1) *см.* **утону́ть;** 2) *в чём (обладать чем-л. сверх меры):* **~ в бога́тстве** бечелъиялъулъ тIерхьине ◊ **~ в крови́** гIемераб би тIезе, гIемерав чи чIвазе

УТОПА́ЮЩИЙ *м* гъанкъулев вугев (*чи*) ◊ **~ за соло́минку хвата́ется** гъанкъулев вугев чи харил сумалдеги хапулевила

УТОПИ́ЗМ *м* 1) (*утопические взгляды*) утопизм, чIорогоял хиялазда божи, тIураларел анищазде машгъуллъи 2) (*несбыточность*) рукIунарел, лъугьунарел жал; хиялаз, анищаз рижизарурал жал

УТОПИ́ СТ *м* 1) утопист (*утопическияб социализмалъул рахъ ккурав чи*) 2) рукIунарел, лъугьунарел жалазда божулев чи; *гьединал жал* ургъулев чи

УТОПИ́ ТЬ *сов.* 1) *кого-что* гъанкъизабизе, тIерхьинабизе; **~ ведро́ в коло́дце** ведро гъуялъуб тIерхьинабизе 2) *кого-что перен. разг. (погубить)* тIагIинабизе, хвезабизе, къезабизе; чIинтIизабизе; **~ конкуре́нта** дандияв къезавизе 3) *что в чём, перен.* (*заглушить чувства, мысли*) къинабизе, жанибго гъанкъизабизе

УТОПИ́ ТЬСЯ *сов.* гъанкъизе *(лъадалъ)*

УТОПИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое 1) *филос.* гIелмияб гуреб, утопиялъулаб, утопизмалъулаб 2) (*нереальный*) букIунареб, лъугьунареб, хиялаз бижизабураб 3) *лит. (напр. о романе)* утопиялъулаб (*хIакъикъаталда данде кколареб куцалъ общественнияб гIуцIи бихьизабулеб*)

УТО́ПИЯ *ж* 1) *филос.* утопия (*гIелмуги сан гьабичIого, анищазул, хиялазул кьучIалда цIакъго лъикIаб общественнияб гIуцIи бихьизаби*) 2) (*фантазия, несбыточность*) тIураларел анищал, хиялал

УТО́ПЛЕННИК *м (лъадалъ)* гъанкъарав чи

УТО́ПЛЕННИЦА *ж* (*лъадалъ*) гъанкъарай гIадан

УТОПТА́ТЬ *сов. что* мерхьине, хIатIаз мерхьун бокъинабизе; **~ зе́млю** ракь мерхьине, мерхьун бокъинабизе

УТОЧНЕ́НИЕ *с* 1) (*по гл.* **уточни́ть**) мухIкан гьаби, дурус гьаби, битIизаби 2) (*выяснение подробностей*) баянлъизаби, мухIканлъизаби

УТОЧНИ́ ТЬ *сов. что* мухIкан гьабизе, дурус гьабизе, битIизабизе; **~ вре́мя** заман мухIкан гьабизе; **~ формулиро́вку** формулировка мухIкан гьабизе

УТОЧНЯ́ ТЬ *несов. см.* **уточни́ ть**

УТРА́ИВАТЬ *несов. см.* **утро́ить**

УТРАМБОВА́ТЬ *сов. что* мерхьун, бухун битIизабизе, къвакIизабизе, бокъинабизе

УТРАМБО́ВЫВАТЬ *несов. см.* **утрамбова́ть**

УТРА́ТА *ж* **1.** (*по гл.* **утра́тить**) махIрумлъизаби, батIалъизаби, кодоса инаби, гьечIого хутIизаби, лъугIизаби **2**. (*по гл.***утра́титься**) махIрумлъи, батIалъи, кодоса ин, гьечIого хутIи, лъугIи **3.** (*потеря, ущерб*) зарал, зиян; ками

УТРА́ТИ//ТЬ *сов. что* махIрумлъизабизе, гьечIого хутIизабизе, лъугIизабизе; **постановле́ние ~ло си́ лу** хIукмуялъул къуват лъугIана

УТРА́ТИ//ТЬСЯ *сов.* махIрумлъизе, батIалъизе, кодоса ине, гьечIого хутIизе, лъугIизабизе; **~лись си́ лы** къуватал лъугIана

УТРА́ЧИВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **утра́тить(ся)**

У́ТРЕНН//ИЙ, -яя, -ее рогьалил, радалисеб; **~яя роса́** рогьалил щуб; **~ие за́морозки** рогьалил квач; **~яя заря́дка** радалисеб зарядка

У́ ТРЕННИК *м* 1) (*утренний спектакль*) утренник 2) (*утренний мороз*) рогьалил квач, гьогьен (*ихдал, хасалихъе*)

УТРИ́ РОВАТЬ *сов. и несов. что* цIакъго кIодо гьабизе, тIаде жубан бицине (*лъугьа-тараб жо*)

У́ТР//О *с* рогьел, рогьалил гIуж; **ра́нним ~ом** радал хекко, хъахIлъи бавулъ; **по ~а́м** рада-радал ◊ **с до́брым ~ом!** ворчIами! ◊ **~о ве́чера мудрене́е** *посл.* къасиялдаса радал гIакълу цIикIкIараб

УТРО́Б//А *ж разг.* ургьибакI, чехь, ◊ **в ~е ма́тери** эбелалъул ургьиб (чохьониб)

УТРО́БНЫЙ, -ая, -ое чохьол; **~ пери́ од разви́ тия** эбелалъул ургьиб лъимер кIудияб гIолеб заман

УТРО́ИТЬ *сов. что* лъабиде бахинабизе, лъабцIул цIикIкIинабизе, лъабго нухалъ цIикIкIинабизе

У́ТРОМ *нареч.* радал, рогьалилъ; **вчера́ ~** сон радал; **сего́дня ~** жакъа радал; **за́втра ~** метер радал; **одна́жды ~** цо нухалъ рогьалилъ

УТРУЖДА́ТЬ *несов. кого-что* захIмат бихьизабизе; рахIат хвезабизе; авара гьабизе; **~ про́сьбами** гIемер гьардон рахIат хвезабизе

УТРУ́СКА *ж* (*потеря в весе*) цIавулъ кколеб ками (*щибниги кибениги чвахизабулаго, баччулаго ва гь. ц.*)

УТРЯСА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **утрясти́ (сь)**

УТРЯСТИ́ *сов. что* 1) *разг. (уменьшить в объеме*) кIобокIун тIатIала ккезабизе, тIупизабизе, гьитIинлъизабизе 2) *перен. разг. (уладить)* цойиде ккезабизе, рекъезабизе

УТРЯСТИ́СЬ *сов.* 1) *разг. (уладиться*) цойиде ккезе, рекъезе

УТЫ́КАТЬ *сов. что* киса-кибего къазабизе, чIвазе (*рукIкIен ва гь. ц.*); **~ поду́шечку була́вками** къандалъоялда кIичIвалел рукIкIби чIвазе

УТЫКА́ТЬ *несов. см.* **утыкать**

УТЮ́Г *м* иту

УТЮ́ЖИТЬ *несов. что* иту бахъизе (*парталалда ва гь. ц.*)

УТЯ́ГИВАТЬ *несов. см.* **утяну́ть**[2]

УТЮ́ЖКА *ж* иту бахъи

УТЯЖЕЛИ́ТЬ *сов. что* бакIлъизабизе

УТЯЖЕЛИ́ТЬСЯ *сов.* бакIлъизе

УТЯЖЕЛЯ́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **утяжели́ ть(ся)**

УТЯНУ́ТЬ *сов.* 1) *кого-что (уволочь за собой)* хIалица цIазе, бехъерхъизе 2) *что (стянуть)* данде бачине; **~ шу́бу ремнём** рачлица хъабарча данде бачине 3) *перен. кого-что (утащить)* бикъизе, хъамизе, вархьизабизе

УТЯ́ТИНА *ж* ордекалъул гьан

УФ *межд.* огь-гьай

УХ *межд.* вай, вабабай; **ух, како́й большо́й!** вабабай, алъул кIодолъи щиб! (бугеб кIудияб!)

УХА́ *ж* уха (*ччугIил чурпа*)

УХА́Б *м* гвенд, лъадаца квараб бакI (*нухда*)

УХА́БИСТЫЙ, -ая, -ое гвендал ругеб, гвендахараб

УХА́ЖИВАНИЕ *с* 1) (*по гл.* **уха́живать**) тIалаб-агъаз гьаби, кумек гьаби, хъулухъ гьаби 2) (*за женщиной*) чIужугIаданалъе хъулухъ гьаби (*жиндего юссинайизелъун*)

УХА́ЖИВАТЬ *несов.* 1) *за кем-чем (заботиться)* тIалаб-агъаз гьабизе, хъулухъ гьабизе; **~ за больны́м** унтарасе хъулухъ гьабизе 2) *за кем (за женщиной*) чIужугIадан жиндего юссинайизелъун гьелъие хъулухъ гьабизе, бокьанщинаб тIубазе 3) *(угодничать)* лъикIаб бицине, лъамиял жал рицине, хIелизе

У́ХАРСКИЙ, -ая, -ое *разг.* кIалкъулав, бахIарчияв

У́ХАРСТВО *с разг.* кIалкъуллъи, бахIарчилъи

У́ХАРЬ *м разг.* кIалкъулав чи, бахIарчи

У́ХАТЬ *несов. см.* **у́хнуть**

УХВА́Т *м* хьаг кколеб гъецI, (*гIурус печалъубе хьаг бегьизе квегIенаб гъецI*)

УХВАТИ́ТЬ *сов.* 1) *кого-что (взять, схватить*) хурхине, кквезе; **~ за но́гу** махIалзулъ хурхине 2) *что перен. разг. (понять)* бичIчIизе, хехго эхебе ине

УХВАТИ́ТЬСЯ *сов.* 1) *за кого-что (схватиться за что-л.)* хурхун чIезе, ккун чIезе; **~ за стол обе́ими рука́ми** кIиябго квералъ столги ккун чIезе 2) *перен. разг. (приняться за что-л.)* тIаделъизе, тIад чIезе, тIаса вичIунгутIизе; **~ за но́вую рабо́ту** цIияб хIалтIуда тIаделъизе 3) (*воспользоваться чем-л.*) пайда босизе; **~ за** *чьё-л.* предложение *лъилниги* предложениялдаса пайда босизе

УХВА́ТКА *ж разг.* 1) (*манера поведения*) къагIида, гIамал, рагъа-ракари 2) (*ловкость, сноровка*) тирилъи, лебаллъи

УХВА́ТЫВАТЬ(СЯ) *несов. см.* **ухвати́ ть(ся)**

УХИТРИ́//ТЬСЯ *сов. с неопр. разг. (суметь)* сихIирлъи, лебаллъи, бажари гIезе; **как вы ~лись сде́лать э́ то?** кингIаги духъа бажарараб гьеб (*хIалтIи)* гьабизе?

УХИТРЯ́ТЬСЯ *несов. см.* **ухитри́ ться**

УХИЩРЕ́НИ//Е *с* сихIирлъи, бажари, цIодорлъи; **прибега́ть к ра́зным ~ям** батIи-батIиял сихIирлъаби хIалтIизаризе

УХИЩРЯ́ТЬСЯ *несов.* сихIирлъи, бажари, цIодорлъи гIезе

УХЛО́ПА//ТЬ *сов., прост.* 1) *кого (убить)* чIвазе 2) *что (истратить*) хвезабизе, харж гьабизе; **он ~л на э́то це́лый день** гьелъие тIубараб къо хвезабуна дос; **~ть всю зарпла́ту** харжалъе щвараб кинабго гIарац хвезабизе

УХЛО́ПЫВАТЬ *несов. см.* **ухло́пать**

УХМЫ́ЛКА *ж разг.* ракI релъараб хьими; **крива́я ~** кIалги кIичIизабун, хьими; **самодово́льная ~** чIухIараб гьими

УХМЫЛЬНУ́ТЬСЯ *сов. разг.* ракI релъун хьимизе

УХМЫЛЯ́ТЬСЯ *несов. см.* **ухмыльну́ться**

У́ХНУ//ТЬ *сов.* 1) (*издать отрывистый звук*) гIагьан бахъине, пунхъи бахъине, гъванки бахъине 2) *разг. (крикнуть "ух")* "гьа", *– йилан ахIизе (щибниги гьабулаго*) 3) *что разг. (израсходовать)* гIадада хвезабизе, харж гьабизе, 4) (*упасть*) бортизе; **маши́на ~ла в я́му** машина гвандинибе бортана (гвандиниб дваргъан бахъана)

У́ ХО *с в разн. знач.* гIин; **говори́ ть** *кому-л.* **на́ ухо** *лъилниги* гIинде къулун кIалъазе; **воспале́ние сре́днего у́ха** жанисагIин унти; **ша́пка с уша́ми** гIундул ругеб тIагъур ◊ **в одно́ ~ вошло́, в друго́е вы́шло** цо гIинзунисан жанибе ана, цогидаялъусан къватIибе биччана (бачIана) (*гIенеккичIо)*; **тугóй на́ ухо** гIинтIа бакIав; **влюби́ться по́ уши** кутакаб рокьи ккезе, рокьулъ къазе; **быть по́ уши в долга́х** гIемераб налъи тIад букIине, налъукь къан вукIине; **он уша́м свои́м не ве́рит** дов цIакъ хIикмалъун вуго, жиндирго гIундузда божулев гьечIо; **не вида́ть как свои́ х уше́й** нахъаса гъванца бихьаниги, бихьиларо; **навостри́ ть у́ши** гIундул гъуцIизаризе, кIвар кьун гIенеккизе; **дать в у́ши** гIинзулъ жо базе; **держа́ть ~ востро́** цIодорго вукIине, божунгутIизе; **пропусти́ ть ми́мо уше́й** гIенеккунгутIизе; **протруби́ть все у́ши** гIиндамес бакъвазабизе; **слу́шать во все у́ши** цIакъго кIвар кьун гIене-ккизе; **слу́шать одни́м ~м** цояб гIиналъ гIенеккизе, кIвар гье-чIого гIенеккизе; **слы́шать кра́ем у́ха** нухда унаго ракIалдаго гьечIого рагIизе; **улыбну́ться до уше́й** гIинда нахъе кIал щвеледухъ гьимизе

УХО́Д[1] *м в разн. знач.* ин, нахъе ин; **~ войск из го́рода** аскар шагьаралдаса нахъе ин; **пе́ред са́мым ~ом** нахъе иналда цебе; **~ из семьи́** хъизан-лъимал тун нахъе ин; **~ со сце́ны** сценаялдаса ин, актерлъи рехунтей

УХО́Д[2] *м за кем-чем (заботы)* хъулухъ гьаби, тIалаб гьаби, хьихьи; **~ за больны́м** унтарасе хъулухъ гьаби; **~ за посе́вами** рекьарал хурзабазе хъулухъ гьаби; **~ за маши́нами** машинабазе хъулухъ гьаби

УХОДИ́ ТЬ *несов.* 1) *см.* **уйти́ ;** 2) (*простираться*) тIибитIун букIине, цебе рехун бихьизе; **доро́га ухо́дит впра́во** нух кваранидехун унеб бихьула

УХОДИ́ТЬСЯ *сов. прост. (устать)* хьвадун сваказе, тату хвезе

УХУДША́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **ухудши́ ть(ся)**

УХУДШЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **ухýдшить**) квешлъизаби, хашлъизаби, къадарлъизаби, загIиплъизаби **2.** (*по гл.* **ухудши́ться**) квешлъи, ха́шлъи, къадарлъи, загIиплъи; **~ отноше́ний** гьор-кьорлъаби квешлъи; **~ ка́чества** качество квешлъи

УХУ́ДШИТЬ *сов. что* квешлъизабизе, хашлъизабизе, къадарлъизабизе, загIиплъизабизе

УХУ́ДШИ//ТЬСЯ *сов.* квешлъизе, хашлъизе, къадарлъизе, загIиплъизе; **отноше́ние к нему́ ~лось** досдехун бербалагьи квешлъана; **его́ здоро́вье ~лось** досул сахлъи загIиплъана

УЦЕЛЕ́//ТЬ *сов.* чIаго хутIизе, сах-саламат хутIизе, хвечIого хутIизе (*остаться в живых*); зарал-зиян ккечIого хутIизе, цIунун хутIизе (*сохраниться в целости*); **все ве́щи ~ли** кинабго къайи-цIа цIунун хутIана *(сундуениги зарал ккечIо); ~ть при пожа́ре* цIа ккараб мехалъ бухIичIого хутIизе; **пять челове́к ~ло** щуго чи чIаго хутIана; **никто́ не ~л** щивниги (*цониги чи*) чIаго хутIичIо; **~ть то́лько чу́дом** ракIалдаго гьечIого (*гIажаибго*) чIаго хутIизе

УЦЕНЁНН//ЫЙ, -ая, -ое учуз гьабураб; **~ые това́ры** учуз гьабураб къайи

УЦЕ́НИВАТЬ *несов. см.* **уцени́ ть**

УЦЕНИ́ ТЬ *сов. что* учуз гьабизе

УЦЕ́НКА *ж* 1) (*по гл.* **уцени́ ть**) учуз гьаби 2) (*скидка в цене*) цебесебги цIиябги багьаялда гьоркьоб ккараб батIалъи (*гIарцул*)

УЦЕПИ́ ТЬСЯ *сов., за кого-что* 1) (*зацепиться, схватиться*) къан ккун чIезе, рекIун чIезе, хурхун чIезе; **~ за рука́в** къвал ккун чIезе 2) *перен. (воспользоваться)* пайда босизе; **~ за** *чью-л.* **мысль** *лъилниги* пикруялдаса пайда босизе

УЧА́СТВОВАТЬ *несов. в чём* гIахьаллъизе, гIахьаллъи гьабизе; **~ в голосова́нии** гьаракь кьеялда гIахьаллъизе; **~ в конце́рте** концерталда гIахьаллъизе

УЧА́СТИ//Е *с* 1) (*сотрудничество*) гIахьаллъи, гIахьаллъи гьаби; **при ~и** *кого-л. лъилниги* гIахьаллъигун; *лъицаниги* гIа-хьаллъиги гьабун; **привлека́ть к ~ю** *кого-л. щивниги* гIахьаллъизавизе; **принима́ть ~е в рабо́те** хIалтIулъ гIахьаллъи гьабизе 2) (*сочувствие*) рекIел цIайи, гурхIел, лъикIаб бербалагьи; **отнести́сь с ~ем** рекIел цIайи бугеб гьоркьоблъи гьабизе

УЧАСТИ́ТЬ *сов. что* ризлъизабизе, гIемерлъизабизе; **~ посеще́ния** тIаде-гъоркье ракки ризлъизабизе

УЧАСТИ́ //ТЬСЯ *сов. (стать чаще)* ризлъизе, гIемерлъизе, хIаллъизе; **пульс у больно́го ~лся** унтарасул бидул кьаби хехлъана

УЧАСТКО́В//ЫЙ, -ая.; -ое 1) участкаялъул, участокалъул; **~ая избира́тельная коми́ссия** участкаялъул рицияльулаб комиссия 2) *в знач. сущ.* **~ый** *м (милиционер)* участковый (*милиционер*)

УЧА́СТЛИВ//ЫЙ, -ая, -ое гурхIел бугеб, кумекалъе хIадураб, (*чияр*) ургъел бикьун босулеб; **~ый взгляд** гурхIел бугеб балагьи; **~ое отноше́ние** ургъел бикьун босулеб гьоркьоблъи

УЧА́СТНИК *м* гIахьалчи; **~ граждáнской войны́** граждан рагъул гIахьалчи; **~ состяза́ния** (*спортивияб)* къецалъул гIа-хьалчи

УЧА́СТОК *м* 1) (*часть земельной площади*) участок, ракьул бутIа; **приуса́дебный ~** минаялда цебе бугеб участок (*пайда босулеб ракь*); **строи́тельный ~** мина базе батIа гьабураб участок (*ракь*) 2) (*административно-территориальный*) участок; **избира́тельный ~** рицияльул участок 3) (*часть поверхности чего-л.)* бакI; **поражённый ~ ко́жи** тIомол цIаялъ яги цогидаб жоялъ бухIизабураб, хвезабураб бакI (*гIадамасул яги хIайваналъул*) 4) (*сфера деятельности*) бакI; **отве́тственный ~ рабо́ты** хIалтIул бищунго жавабияб бакI 5) (*часть фронта*) фронталъул участок (*бутIа*)

У́ ЧАСТ//Ь къисмат, къадар, хъвараб жо; **избежа́ть о́бщей ~и** цогидазул гIадаб къисмат ккечIого хутIизе

УЧАЩА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **участи́ ть(ся)**

УЧАЩЁНН//ЫЙ, -ая, -ое ризлъараб, гIемерлъараб, хIаллъараб, хехлъараб; **~ый пульс** хехлъараб бидул кьаби; **~ое дыха́ние** хехлъараб хIухьелцIай

УЧА́ЩИЙСЯ *м* цIалдохъан

УЧЁБ//А *ж* цIали; **взя́ ться за ~у** цIалуда тIаделъизе

УЧЕ́БНИК *м* учебник, цIалул тIехь; **~ ру́сского языка́** гIурус мацIалъул учебник

УЧЕ́БН//ЫЙ, -ая, -ое 1) цIалул; **~ый год** цIалул сон; **~ый план** цIалул план 2) (*предназначенный для обучения*) ругьун гьариялъул, куцазе хIалтIизабулеб; **~ая винто́вка** (*кьвагьдезе*) ругьун гьариялъе бугеб туманкI

УЧЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **учи́ть**) малъи, куцай, ругьун гьари, цIализари **2.** (*по гл.* **учи́ться**) цIали **3.** (*теория*) гIелму **4**. *мн.* **уче́ния** *воен.* ученият *(рагъулал частазда, флоталда)*

УЧЕНИ́ К *м* 1) (*в школе*) цIалдохъан 2) (*обучающийся ремеслу*) махщалие ругьун гьавулев (*вас*) 3) (*последователь*) ученик

УЧЕНИ́ ЦА *ж* цIалдохъан (*яс*)

УЧЕНИ́ ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое 1) цIалдохъанасул, цIалдохъабазул; **~ая тетра́дь** цIалдохъабазул тетрадь 2) *перен. (незрелый)* цIубачIеб; **~ие рассужде́ния** цIубачIеб пикру, калам

УЧЕНИ́ЧЕСТВ//О *с* 1) цIалдохъанлъи; **го́ды ~а** цIалдохъанлъиялъул сонал 2) (*обучение ремеслу*) махщалие ругьун гьари

УЧЁНОСТЬ *ж* гIалимчилъи, гIелму буголъи

УЧЁН//ЫЙ, -ая, -ое **1.** *прил.* 1) (*получивший специальные знания*) гIелмуялда цо хасаб лъай щварав 2) (*научный*) гIелмияб; **~ый сове́т** гIелмияб совет; **~ая сте́пень** гIелмияб даража 3) (*дрессированный*) ругьун гьабураб; **~ый медве́дь** ругьун гьабураб ци **2.** *в знач. сущ.* **~ый** *м* гIалимчи; **~ая** *ж* гIалимчIужу

УЧЕ́СТЬ *сов. кого-что* 1) (*установить путем подсчета*) рикIкIине, хIисаб гьабизе; **~ расхо́ды** гьарурал харжал рикIкIине 2) (*принять во внимание*) хIисабалде босизе; **я учёл его́ заме́чания** досул рихьизариял дица хIисабалде росана

УЧЁТ *м* **1.** (*по гл.* **уче́сть**) рикIкIин, хIисаб гьаби **2**. (*регистрация*) учёт; **брать на ~** учёталде восизе; **снять с ~а** учёталда-са вахъизе; **стать на ~** учёталда лъезе

УЧЁТН//ЫЙ, -ая, -ое учёталъул; учёталъе бугеб; **~ая кни́га** учёталъул тIехь; **~ая ка́рточка** учёталъул карточка

УЧЁТЧИК *м* учетчик, хIисабчи; **~ брига́ды** бригадаялъул хIисабчи

УЧЁТЧИЦА *ж* учетчица, хIисабчIужу

УЧИ́ЛИЩЕ *с* училище; **вое́нное ~** рагъулаб училище; **музыка́льное ~** музыкалияб училище

УЧИНИ́ТЬ *сов. и несов. что, разг.* гьабизе, байбихьизе; **~ скандáл** гьалмагъир гьабизе; ахIи-хIур бахъинабизе

УЧИНЯ́ ТЬ *несов. см.* **учини́ ть**

УЧИ́ТЕЛЬ *м* учитель, мугIалим; **шко́льный ~** школалъул учитель; **~ геогра́фии** географиялъул учитель

УЧИ́ ТЕЛЬНИЦА *ж* учительница

УЧИ́ТЕЛЬСК//ИЙ, -ая, -ое 1) учителасул, учительзабазул, учительлъиялъул; **~ая рабо́та** учительлъиялъул хIалтIи 2) *в знач. сущ.* **~ая** *ж (комната)* учительская, учительзабазул рукъ

УЧИ́ТЕЛЬСТВО *с* 1) (*профессия*) учительлъи, учителасул махщел 2) *собир. (учителя)* учительзаби

УЧИ́ ТЕЛЬСТВОВАТЬ *несов.* учительлъи гьабизе, учительлъун хIалтIизе; **~ в сре́дней шко́ле** гьоркьохъеб школалда учительлъи гьабизе

УЧИ́ТЫВА//ТЬ *несов. см.* **уче́сть; ~ая сложи́вшуюся обстано́вку** лъугьун бугеб ахIвал-хIалги хIисабалде босун

УЧИ́ТЬ *несов.* 1) *кого (обучать)* малъизе, ругьун гьавизе, куцазе; **~ чита́ть** цIализе малъизе; **~ ру́сскому языку́** гIурус мацI малъизе 2) *кого (дрессировать)* ругьун гьабизе 3) *что (запоминать)* лъазабизе; **~ стихотворе́ние наизу́сть** кечI рекIехъе лъазабизе 4) *кого (поучать)* малъаризе, гIакълаби кьезе

УЧИ́ ТЬСЯ *несов. чему и с неопр.* цIализе, ругьунлъизе, живго куцазе, лъазабизе; **~ в шко́ле** школалда цIализе; **~** *какому-л.* **ремеслу́** *кинаб букIаниги* махщел лъазабизе; **~ игра́ть в ша́хматы** шахматал хIазе ругьунлъизе 2) (*быть учащимся*) цIалдезе; **~ в университе́те** университеталда цIалдезе ◊ **~ на со́бственных оши́бках** жиндирго гьалатIаздалъун кантIизе

УЧРЕДИ́ ТЕЛЬ *м* учредитель, *щибниги* гIуцIарав чи

УЧРЕДИ́ТЕЛЬНИЦА *ж* учредительница, *щибниги* гIуцIарай гIадан

УЧРЕДИ́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое учредительнияб, гIуцIиялъулаб; **~ое собра́ние** гIуцIиялъулаб данделъи, собрание

УЧРЕДИ́ТЬ *сов. что* 1) (*основать*) гIуцIизе; **~ коми́ссию** комиссия гIуцIизе 2) (*ввести*) чIезабизе

УЧРЕЖДА́ТЬ *несов. см.* **учреди́ ть**

УЧРЕЖДЕ́НИ//Е *с* 1) (*по гл.* **учреди́ ть**) гIуцIи 2) (*заведение*) учреждение, организация, идара; *мн.* (*организации*) гIуцIаби; **нау́чные ~я** гIелмиял гIуцIаби, учреждениял

УЧТИ́ВОСТЬ *ж* адаб буголъи, адаб-хъатир буголъи, намус буголъи; **~ то́на** адабалда кIалъай

УЧТИ́В//ЫЙ, -ая, -ое адаб бугеб, адаб-хъатир бугеб, намусаб; **~ый челове́к** адаб бугев чи; **~ые слова́** адаб-хъатиралъул рагIаби

УЧТУ́ , учтёшь *и т. д. буд. от* **уче́сть**

УЧУ́Я//ТЬ *сов. кого-что разг.* махI лъазе; лъазе, бичIчIизе, нахъгIунтIизе; **соба́ка ~ла дичь** гьойда чанил махI лъана ◊ **~ть ка́верзу** хIилла-рекIкI бичIчIизе

УША́НКА *ж разг.* ушанка, гIундузде бачунеб тIагъур

УША́СТЫЙ, -ая, -ое гIундул халатаб, гIундул кIудияб

УША́Т *м* (*тIил ххезе гIундулги ругеб*) цIулал къали ◊ **вы́ лить ~ холо́дной воды́** *на кого-л.* тохлъукьего квешаб хабаралъ хагазавизе; рекIел шавкъ гIодобе бусинабизе, рахIат хвезабизе

УШЁЛ, ушлá, ушлó *и т. д. прош. от* **уйти́**

У́ ШИ *мн. см.* **у́хо**

УШИ́Б *м* **1.** (*по гл.* **ушиби́ть**) кьабун (тункун) унтизаби, гьая ккезаби **2.** (*по гл.* **ушиби́ться**) кьабун (тункун) унти, гьая ккей **3.** (*ушибленное место*) кьабун (тункун) унтараб бакI, гьая ккараб бакI

УШИБА́ТЬ(СЯ) *несов. см.* **ушиби́ ть(ся)**

УШИБИ́ТЬ *сов. что* кьабун (тункун) унтизабизе, гьая ккезабизе; **~ но́гу** кьабун (тункун) махIу унтизабизе

УШИБИ́ ТЬСЯ *сов.* кьабун (тункун) унтизе, гьая ккезе

УШИВА́ТЬ *несов. см.* **уши́ ть**

УШИ́ТЬ *сов. что* 1) жанибе чIван къокъ гьабизе (*укоротить*), къварид гьабизе (*сузить*); **~ рукава́** къвалал кьокъ гьаризе 2) (*расшить*) накъищал гьарун букъизе, букъун расен гьабизе 3) (*зашить со всех сторон*) сверун букъизе

У́ШКО *с* 1) *уменьш. от* **у́хо;** 2) : **~ игóлки** рукIкIадул рорлъи ◊ **у него у́шки на маку́шке** дов цIакъ цIодорго вуго, цIакъ хал ккун вуго дов

УШНИ́ К *м (о враче)* гIундузул тохтир

УШН//О́Й, -а́я, -о́е гIиналъул, гIинзул, гIундузул; **~ы́е боле́зни** гIундузул унтаби; **~ая ра́ковина** гIинзул свери

УЩЁ́ЛЬЕ *с* кIкIал

УЩЕМИ́ ТЬ *сов.* 1) *что (зажать)* чIинтIизабизе, *сунданиги* гьоркьобе ккезе; **~ па́лец две́рью** килищ нуцIица (*гьоркьобе ккун*) чIинтIизе 2) *кого-что перен.* мукъсан гьавизе, цеве-нахъе цузе, ракI бекизабизе; **~** *чьё-л.* **самолю́ бие** *лъилниги* чIухIи бекизабизе

УЩЕМЛЁ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **ущеми́ть**) чIинтIи, *сунданиги* гьоркьобе ккей; **2.** мукъсан гьаби, нахъе-цебе гьаби, бекизаби; **~ прав** ихтиярал мукъсан гьари

УЩЕМЛЯ́ ТЬ *несов. см.* **ущеми́ ть**

УЩЁ́РБ *м (убыток, урон)* зарал, зиян; **причини́ть ~** зарал гьабизе ◊ **луна́ (ме́сяц) на ~е** моцI холеб (гьитIинлъулеб) буго

УЩЁ́РБНЫЙ, -ая, -ое 1) (*о луне*) хвеялде ккараб, холеб бугеб (*моцI*) 2) (*о характере и т. п.*) заралаб, нахъегIанаб

УЩИПНУ́ ТЬ *сов. кого-что* зинкIкIизе

УЮ́ Т *м* квегIенлъи, санагIалъи; рахIат, паракъалъи; **созда́ть ~ в до́ме** рокъоб рахIат, паракъалъи букIинабизе

УЮ́ТН//ЫЙ, -ая, -ое квегIенаб, санагIатаб; рахIатаб, паракъатаб; **~ая кварти́ ра** рахIатаб, паракъатаб рукъ

УЯЗВИ́МОСТЬ *ж* загIипаб букIин; хъатIулеб, хIунсулеб букIин

УЯЗВИ́М//ЫЙ, -ая, -ое загIипаб; хехго хъатIулеб, хIунсулеб; **~ое ме́сто** бищунго загIипаб бакI, бигьаго лъукъизе кIолеб бакI

УЯЗВИ́ ТЬ *сов. кого-что (обидеть)* унтизабизе, хIунсизабизе, хъатIизе (ракI хвезабизе, квеш букIунеб жо гьабизе), лъукъизе; лазатбахъи гьабизе, ракI лъукъизе

УЯЗВЛЯ́ ТЬ *несов. см.* **уязви́ ть**

УЯСНИ́ ТЬ *сов. что (жиндиего)* баян гьабизе, бичIчIизабизе; **~ свою зада́чу** жиндирго масъала баян гьабизе

УЯСНИ́ ТЬСЯ *сов.* баянлъизе, бичIчIизе

УЯСНЯ́ ТЬ(СЯ) *несов. см.* **уясни́ ть(ся)**

Ф

ФАБЗА́ВУЧ *м* фабзавуч (фабрик-заводалъул училище)

ФАБКО́М *м* фабком (фабрикалъул профсоюзияб комитет)

ФА́БРИКА *ж* фабрика

ФА́БРИКА-КУ́ХНЯ *ж* кванил фабрика *(машинабаздалъун гIемераб квен цадахъго гьабулеб фабрика)*

ФАБРИКА́НТ *м* фабрикант (*фабрикаялъул хважайин*)

ФАБРИКА́Т *м* фабрикат (*хIадурараб фабрикаялъулаб къайи*)

ФАБРИКА́ЦИЯ *ж (измышление*) гьересияб, нахъегIанаб, къадараб жо ургъи ва гьеб тIибитIизаби

ФАБРИКОВА́ТЬ *несов. щиб бугониги* гIемераб къадаралда халипалда, механизмабаздалъун гьабизе; **~ слу́хи** гьересиял харбал тIиритIизаризе

ФАБРИ́ ЧНО-ЗАВОДСКО́Й, -ая, -ое фабрик-заводалъул

ФАБРИ́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое фабрикалъул; **~ые корпуса́** фабрика-лъул минаби; **това́ры ~ого произво́дства** фабрикалда гьабураб къайи

ФА́БУЛА *ж лит.* фабула (*художествиял асаразда жанир кколел лъугьа-бахъиназул тартиб*)

ФА́БУЛЬНЫЙ, -ая, -ое *лит.* фабулаялъул

ФАВО́Р *м уст.*: ◊ **быть у кого́-л. в ~е** *кинав вугониги* машгьурав, рагIи билъгьарав чиясул квербакъиялда вукIине

ФАВОРИ́ Т *м* 1) (*любимец*) фаворит (*тIадегIанав хIакимасул цеве ккурав, божарав гьудул*) 2) *спорт.* фаворит (*тIоцебесеб бакI кквезе бищунго цIикIкIун ресал ругев чи*)

ФАВОРИТИ́ ЗМ *м книжн.* фаворитизм (*лъикIаб хъулухъалде тIамизеги щапакъатал кьезеги фаворитал тIаса рищи*)

ФАВОРИ́ ТКА *ж* фаворитка

ФАГО́Т *м муз.* фагот (*цIулал зурмил цо тайпа*)

ФА́З//А *ж (стадия) сундул бугониги* цебетIеялъулъ хиса-баси кколеб лахIзат, заман 2) *астр.* бакъ-моцI, цIваби ругеб бакI ва гьезул форма; **~ы луны́** моцIрол цIилъи, рещалъи, тIаса беки 3) *электр.* токалъул фаза

ФАЗА́Н *м* фазан (*кьер-кьераб хIулиялъул гIанкIудул тайпаялъул кIудияб хIинчI)*

ФАЗА́НИЙ, -ья, -ье фазаналъул

ФА́ЗИС *м книжн. см.* **фа́за**

ФАЗОТРО́Н *м физ.* фазотрон (*ток босарал гIадатал заррабазул хьвади хехлъизабулеб машина*)

ФАЙ *м текст.* фай (*чиллайдул яги квасул гьабураб гъункараб ххамил цо тайпа*)

ФАЙДЕШИ́Н *м* файдешин (*чиллайдул гьабураб файххамалъул цIакъго лъикIаб тайпа*)

ФАЙДЕШИ́ НОВ//ЫЙ, -ая, -ое файдешиналъул; **~ое пла́тье** файдешиналъул гурде

ФА́КЕЛ *м* гIоркьидачирахъ, факел (*нартилъ, нахулъ ччураб чIорто тIилида бухьун гьабураб*)

ФА́КЕЛЬН/ЫЙ, -ая, -ое гIоркьидачирахъул; **~ое ше́ствие** гIоркьида чирахъалгун релъедал къватIире рахъин

ФАКИ́ Р *м* 1) (*нищенствующий монах*) гьардухъанав зиярат-чи; 2) (*бродячий фокусник*) сихIраби рихьизаризе хьвадулев, сверулев вукIунев чи (сапарчи-сихIручи)

ФАКСИ́МИЛЕ *с нескл.* факсимиле (*квераль хъвараб жоялъул, документалъул, гъулбасалъул дурусго халипа бахъи*)

ФАКСИ́МИЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое факсимилияб; **~ая фототелегра́мма** факсимилияб фототелеграмма

ФАКТ *м* хIужжа; хIакъикат; **истори́ ческий ~** тарихияб хIужжа; **изложи́ ть ~ы** хIужжаби рачине (рихьизаризе)

ФАКТИ́ЧЕСКИ *нареч.* хIакъикъаталда; **~ он прав** хIакъикъаталда гъов витIарав вуго

ФАКТИ́ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое хIакъаб; **~ие да́нные** хIакъал (хIакъикъиял) баянал; **~ое положе́ние де́ла** хIакъикъаталда иш бугеб куц (*ишалъул хIакъикъияб куц, хIал*)

ФА́КТОР *м* фактор (*цо кинаб бугониги ишалъулъ, лъугьа-бахъиналъулъ кIвар бугеб лахIзат, ахIвал-хIал*)

ФАКТО́РИЯ *ж* фактория (1 *къватIисел пачалихъазул базаргабаз колониял улкабазда дармил контора рагьараб ва тукаби лъураб бакI;* 2 *квер тIурал бакIазда ругел чанахъабазе сурсат чIезабизе ва гьезухъа цIоко-тIехь босизе рагьараб дармил пункт*)

ФАКТУ́РА[1] *ж* фактура (*искусствояльул асаразулъ художествияб (техникаялъул) махщалил хаслъи*)

ФАКТУ́РА[2] *ж* фактура (*битIун араб къайиялъул хIисаб хъвараб документ*)

ФАКУЛЬТАТИ́ВНЫЙ, -ая, -ое факультативияб (*тIалъуларев, бокьани гурони гIахьаллъуларев*); **~ курс ле́кций** лекциязул факультативияб курс

ФАКУЛЬТЕ́Т *м* факультет (*тIадегIанаб школалъул цоцазде гIагарал гIелмаби малъулеб цо отдел*)

ФАКУЛЬТЕ́ТСК//ИЙ, -ая, -ое: **~ое собра́ние** факультета-лъул данделъи, собрание

ФАЛА́НГА *ж* 1) *ист.* фаланга (*некIсиял греказул бодул гъункараб гIуцIи, низам*) 2) *анат.* килщил ракьа 3) *зоол.* гIанкъра (рачIкIич1)

ФА́ЛДА *ж* 1) (*задняя пола мужской одежды*) бихьиназул ратIлил нахъисеб квенчIел 2) (*складка на одежде*) руччабазул ратIлида халалъухъе бугеб сукIел (сукIи́)

ФАЛЬСИФИКА́ТОР *м* фальсификатор (*щибниги жо, цогидалда релъгьинабун, къадарго гьабулев чи; гьереситалгIел гьабулев чи*)

ФАЛЬСИФИКА́ТОРСКИЙ, -ая, -ое фальсификаторасулаб

ФАЛЬСИФИКА́ЦИЯ *ж* 1) (*подделка чего-л.*) фальсификация (*тIасан релъгьинабун гьересияб жо гьаби*); **~ свиде́тельских показа́ний** хIакъикъат гьересинугIлъиялде сверизаби 2) (*подмена лож-*

ным) хIакъаб жоялъул бакIалда гьересияб рекъезаби 3) (*подделанная вещь*) релъилъинабун гьабураб гьересияб тIагIел, гьереситIагIел

ФАЛЬСИФИЦИ́РОВАТЬ *сов. и несов. что* фальсификация гьабизе (*хIакъикъатилан ургъунго гьересияб жо бихьизабизе*)

ФАЛЬЦЕВА́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое *полигр.* сукIулеб, кьегI чIвалеб (*машина*)

ФАЛЬЦЕВА́ТЬ *несов. что* 1) *полигр.* басмаялда кьабураб тIехьалъе сукIизе 2) *тех.* тIеренал маххул листал кьегI гьабун рацIцIине

ФАЛЬЦЕ́Т *м* фальцет *(кочIохъабазул цIакъго борхатаб зираб гьаракь ва гьеб гьаркьида кечI ахIулеб къагIида*)

ФАЛЬЦО́ВКА *ж* (*по гл.* **фальцева́ть**) сукIизаби, кьегI гьаби

ФАЛЬЦО́ВОЧНЫЙ, -ая, -ое *см.* **фальцева́льный**

ФАЛЬЦО́ВЩИК *м* фальцовщик (*фальцовка гьабулев чи, басмаялде бахъараб сукIулев чи*)

ФАЛЬЦО́ВЩИЦА *ж* фальцовщица (*фальцовка гьабулей чIужу*)

ФАЛЬШИ́ВИТЬ *несов.* 1) (*быть неискренним*) лъалаго гьереси бицине, гуккизе 2) (*в пении и т.п.*) бацIцIадго бачинчIого бакъан хвезабизе

ФАЛЬШИ́ВКА *ж разг.* гьересидокумент

ФАЛЬШИВОМОНЕ́ТЧИК *м* гьересигIарац къотIулев чи

ФАЛЬШИ́В//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*поддельный*) гьересияб; **~ый докуме́нт** гьересияб документ 2) (*неискренний*) тIекъаб, гуккулеб 3): **~ая но́та** мекъса бачараб нота (сверел)

ФАЛЬШЬ *ж* 1) (*обман*) гукки 2) (*неискренность*) ракI-хъублъи, гукки 3) (*в пении и т.п.*) бакъан мекъса бачин, хвезаби

ФАМИ́ЛИЯ *ж* 1) фамилия 2) (*род*) кьибил; **стари́нная** ~ цебегосеб кьибил

ФАМИ́ЛЬН//ЫЙ, -ая. -ое цебегосеб, хъизаналъулго букIараб, ирсалъе щвараб; **~ые драгоце́нности** хъизаналъулго (кьолболго) букIараб хазина;

ФАМИЛЬЯ́РНИЧАТЬ *несов. с кем* къо-асс гьечIого, хIурмат тун гаргадизе

ФАМИЛЬЯ́РНОСТЬ *ж* къо-асс тей, хIурмат гьечIолъи

ФАМИЛЬЯ́РН//ЫЙ, -ая, -ое къо-асс, хIурмат гьечIеб; **~ое обраще́ние** *с кем-л.* рекъечIеб, хIурмат тараб хитIаб

ФАНАТИ́ЗМ *м* фанатизм (*гIакълуялдаса араб дин гьаби; гIорхъолъа ун сунданиги божи)*

ФАНА́ТИК *м* фанатик (1 *кинабго тун, диналде вуссарав чи; 2 цIакъ кутакалда цо иш бокьулев, кинаб бугониги идеялда хадув вилълъарав чи)*

ФАНАТИ́ЧКА *ж* фанатичка (1) *кинабго тун диналде юссарай гIадан;* 2) *цIакъ кутакалда цо иш бокьулей, кинаб бугониги идеялда хадуй йилълъарай гIадан)*

ФАНАТИ́ЧНЫЙ, -ая, -ое фанатикияв; **~ человек** фанатикияв чи

ФАНЕ́РА *ж* фанера

ФАНЕ́РН//ЫЙ, -ая, -ое фанералъул; **~ая перегоро́дка** фанералъул гьоркьо къед

ФАНЕРО́ВАНН//ЫЙ, -ая, -ое фанера ккураб; **~ая стена́** фанера ккураб къед

ФАНЕРОВА́ТЬ *несов. что* фанера кквезе

ФАНЕРО́ВКА *ж* (*по гл.* **фанерова́ть**) фанера кквей

ФАНЕРО́ВЩИК *м* фанера кколев чи (*устар*)

ФАНТ *м* фант (*бичч-бакъалъе хIалтIизабулеб предмет; хIалълул гIахьалчиясе тамихIалъе кьолеб тIадкъай)*

ФАНТАЗЁР *м* фантазиячи (*рукIинарел, лъугьинарел гIадал жал цере чIезарулев, тIураларел анищал гьарулев чи)*

ФАНТАЗЁРКА *ж* фантазиячIужу

ФАНТАЗИ́РОВАНИЕ *с* (*по гл.* **фантази́ровать**) фантазия гьаби *(лъугьунарел жал ургъи, чIорогоял анищал гьари)*

ФАНТАЗИ́РОВАТЬ *несов.* 1) (*мечтать*) анищал гьаризе 2) (*выдумывать*) лъугьунарел жал ургъизе 3) (*импровизировать*) гIащикъго, гьираялда бицине

ФАНТА́ЗИЯ *ж* фантазия (1 (*творческое воображение*) *ургъун бахъараб жо гвангъун цебе чIезаби;* 2 (*мечта*) *чIобогояб анищ;* 3 (*выдумка*) *ургъунбахъи;* 4 *разг. (причуда, прихоть) ракIалде ккараб жо гьаби;* 5 *муз. эркенаб формаялъул музыкалияб асар)*

ФАНТА́СТ *м* фантаст (1 *фантазия бечедав чи;* 2 *тIирарав фантазер 3*) *фантастикиял асарал хъвалев хъвадарухъан, художник)*

ФАНТА́СТИКА *ж* фантастика *(цIакъго кIодо гьарун, тIасан ккараб, букIунареб формаялда образал гIуцIарал, лъугьа-бахъинал рихьизарурал литературиял асарал);* **нау́чная** ~ гIелмияб фантастика

ФАНТАСТИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое 1) *лит.* фантастикияб; ~ **рома́н** фантастикияб роман 2) (*причудливый*) гIажаибаб, хIикматаб 3) (*несуществующий*) гьечIеб, фантазиялъ бижизабураб 4) *разг. (сверхъестественный)* цIакъго тIасан ккараб 5) (*несбыточный*) тIубазе рес гьечIеб, мурадалде щолареб

ФА́НТИК *м разг.* фантик *(лъималаз расандиялъе хIалтIизабулеб конфета жемулеб кьер-кьераб кагъат*)

ФАНТО́М *м книжн. (призрак*) богIоло, хваразул рухI, цебе тIамулеб жо

ФАНФА́РА *ж муз.* фанфара (1 *зурмадул тайпаялъул пахъул гьабураб музыкалияб алат;* 2 *фанфараялда бачунеб рохалилаб къокъаб бакъан)*

ФАНФАРИ́СТ *м муз.* фанфарачи (фанфара пулев чи)

ФАНФА́РНЫЙ, -ая, -ое фанфараялъул, фанфараялда бачунеб

ФА́РА *ж* фара, трактораллъул, автомобилалъул чирахъ; **автомоби́льная** ~ автомобилалъул чирахъ

ФАРА́ДА *ж физ.* фарада *(электротокалъул къадар борцунеб роцен)*

ФАРАО́Н *м ист.* фараон *(некIсияб Египеталъул хан, паччахI)*, фиргIавн

ФАРВА́ТЕР *м морск.* фарватер (*гумузул нух*); гамаялъе гIураб гъварилъи ва хIинкъигьечIолъи бугеб лъел бутIа

ФАРИСЕ́Й *м (лицемер)* кIигьумерчи, хIарамзада

ФАРИСЕ́ЙСТВО *с (лицемерие)* кIигьумерчилъи, мурадчилъи, хIарамзадалъи

ФАРМАКО́ЛОГ *м* фармаколог (*дарабазул специалист*)

ФАРМАКОЛОГИ́ЧЕСКИЙ, -ая,-ое фармакологиялъул(аб) *(дарабазулаб гIелмуялъул)*

ФРМАКОЛО́ГИЯ *ж* фармакология *(дарабазул хIакъалъулъ гIелму)*

ФАРМАЦЕ́ВТ *м* фармацевт (*тIадегIанаб яги гьоркьохъеб лъай бугев дарабазул специалист*)

ФАРМАЦЕ́ВТИКА *ж* фармацевтика (*дараби гьариялъул, цIуниялъул ва ричиялъул хIакъалъулъ гIелму*)

ФАРМАЦЕВТИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое фармацевтикасул; фармацевтикаялъул

ФАРС *м* 1) *лит.* фарс *(махсара хIалаб комедия)* 2) *перен.* хъачIаб махсара; кIигьумерчилъи, гьереси

ФАРТИ́ТЬ *несов.* битI ккезе, тавпикъ кьезе

ФА́РТУК *м* фартук, цебебухь

ФАРФО́Р *м* 1) чини; **ва́за из ~а** чинидал ваза (сурахIи) 2) *собир.* чинидал къайи

ФАРФО́РОВ//ЫЙ, -ая, -ое чинидал; **~ая посу́да** чинидал цIарагI

ФАРШ *м* 1) (*из мяса*) квание ххараб, буссараб гьан; чIвангьан 2) (*начинка*) цIурачадазе, хинкIазе буссун хIадур гьабураб кванил нигIмат

ФАРШИРО́ВАННЫЙ, -ая, -ое 1) цIураб (*чIвангьанал яги цоги буссараб жояльул*) 2) чIвангьанги жаниб лъун гьабураб, цIураб

ФАРШИРОВА́ТЬ *несов. что* буссараб, ххараб гьанал цIезе; **~ тома́ты** помидорал ххараб гьанал цIезе

ФАРШИРО́ВКА *ж* (*по гл.* **фарширова́ть**) чIвангьаналъул цIей (*перец, баклажанал…*)

ФАС *м* цебесарахъ, гьумераб рахъ

ФАСА́Д *м* минаялъул цебеса рахъ, гьумераб рахъ

ФАСО́ВАННЫЙ, -ая, -ое цо ккураб къадаралда цIан-борцун, бухьа-къан лъураб; **~ това́р** цо роцада бухьа-къараб кьайи

ФАСОВА́ТЬ *несов. что* цо роцада цIан, бухьа-къан лъезе; **~ ма́сло** нах, цо роцада цIан, лъезе

ФАСО́ВКА *ж* (*по гл.* **фасова́ть**) борца-къотIун, бухьа-къан лъей

ФАСО́ВЩИК *м* борца-къотIун, бухьа-къан лъолев чи

ФАСО́ВЩИЦА *ж* борца-къотIун, бухьа-къан лъолей гIадан

ФАСО́ЛЕВЫЙ, -ая,-ое багIаргьалил

ФАСО́ЛЬ *ж* багIаргьоло

ФАСО́Н *м* фасон *(ратIлил, хьитазул букъи, куц, модель, форма)*; **пла́тье но́вого ~а** цIияб формаялъул гурде

ФАСО́НИТЬ *несов. прост.* чIухIдаризе, рихьдаего хьвадизе

ФАСО́НН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*сделанный по фасону*) фасоналда рекъон гьабураб 2) (*соответствующий какой-л. форме*) *цо пуланаб* формаялда рекъараб, данде кколеб 3) (*рельефный*) цIутIараб, тIаде пулхараб, накъищал гIемераб; **~ый бархат** пулхен бугеб къатIипа

ФАТ *м уст.* чIухIун вихьизелъун цIекIго къачIадулев чи; живго жиндиего гIурав, чIухIарав чи; чIобогояв чи

ФАТА́ *ж* фата *(тIеренаб, тIадагьаб чилайдул, гуржибадул шал;* тастар; бахIаралъул бетIералда бигъулеб шал)

ФАТАЛИ́ ЗМ *м* фатализм *(къисматалъ бихьизе хъвараб жоялдаса рорчIуларин абураб пикруялда кутакалда божи)*

ФАТАЛИ́СТ *м* фаталист *(къисматалъ бихьизе хъваралдаса рорчIизе бакI гьечIилан абураб жоялда ракI чIун божулев чи)*

ФАТА́ЛЬНОСТЬ *ж (неизбежнотсь чего-л.)* чара гьечIолъи (*сундаса бугониги рорчIизе*)

ФАТА́ЛЬНЫЙ, -ая,-ое къисматалъул(аб); бихьизе (хъвараб) малъараб, чара гьечIеб

ФАТОВСК//О́Й, -а́я, -о́е чIухIухъанасул(аб); **~и́е мане́ры** чIухIухъанасулаб кIичIарди, рагъа-рашари

ФАТОВСТВО́ *с уст.* чIухIухъанлъи, гогьаб чIухIдари

ФА́УНА *ж (животный мир)* фауна *(хIайваназул дунял, цо пуланаб бакIалда рукIунелщинал хIайванал)*

ФАУСПАТРО́Н *м воен.* фаустпатрон (*кодоб ккун квагьулеб реактивияб ярагъ*)

ФАШИ́ ЗМ *м* фашизм

ФАШИ́НА *ж* хьури *(хьопол, муцIидул рухьун гьарурал гулал)*

ФАШИ́ СТ *м* фашист (*фашистазул партиялъул член*)

ФАШИ́ СТСКИЙ, -ая, -ое фашистияб

ФАЭТО́Н *м* (*экипаж*) пайтон (*тIох нахъехун чIвазабулеб чолгьоко*)

ФАЯ́НС *м* 1) щагIихIатI *(гипс жубараб),* сугъат 2) *собир. (изделия)* тIаде цIер биччараб щагIил цIарагI; сугъатул цIарагI

ФАЯ́ НСОВ//ЫЙ, -ая, -ое щагIил; **~ая посу́да** щагIил (сугъатул) цIарагI

ФЕВРА́ЛЬ *м* февраль

ФЕВРА́ЛЬСКИЙ, -ая,-ое февралалъул(аб)

ФЕДЕРА́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое *см.* **федерати́вный**

ФЕДЕРАТИ́ВНЫЙ, -ая, -ое федеративияб (цолъизабураб); **~ая респу́блика** федеративияб республика

ФЕДЕРА́ЦИЯ *ж* федерация (1 *союз, гIуцIи, цолъи; 2 жалго жидедаго чIарал пачалихъал цолъун гIуцIараб цогояб пачалихъ; 3 цо чанго общественнияб гIуцIиялъул цолъи (союз)*

ФЕЕРИ́ ЧЕСКИЙ, -ая,-ое гIажаибго берцинаб, кьер-кьераб

ФЕЕ́РИЯ *ж* феерия *(маргьаялъул кьучIалда гIуцIараб, гIажаибго берцинго лъураб пьеса; циркалъулаб представление)*

ФЕЙЕРВЕ́РК *м* фейерверк *(рохалие ракулел, квагьулел кьер-кьерал цIаял)*

ФЕКА́ЛИИ *мн.* (*ед.* **фека́лия**) гъвес-кIварщ

ФЕКА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое фекалияб (ракулаб); **~ые удобре́ния** ракулал беэнлъаби *(хур-хералъе)*

ФЕЛЛА́Х *м* феллах (*гIарабазул векьарухъан*)

ФЕЛЬДМА́РШАЛ *м воен.* фельдмаршал *(цо-цо пачалихъазул ва* цебе *Россиялда пачаясул армиялда букIараб бищун тIадегIанаб генераллъиялъул цIар; гьеб цIар кьурав чи)*

ФЕЛЬДФЕ́БЕЛЬ *м воен.* фельдфебель *(цо-цо пачалихъазул ва гIуруспачаясул армиялда кIудияв унтер-офицер, ротаялъул командирасул кумекчи)*

ФЕ́ЛЬДШЕР *м* фельдшер *(тохтурасул кумекчи, гьитIинав тохтур)*

ФЕ́ЛЬДШЕРСК/ИЙ, -ая, -ое фельдшерасул(аб); **~ие ку́рсы** фельдшеразул курсал

ФЕЛЬДЪЕ́ГЕРЬ *м* фельдъегерь *(цIакъго кIвар бугел хIукуматалъул кагьтал хехго щвезаризе хьвадулев чи)*

ФЕЛЬЕТО́Н *м* фельетон (*хъачIал гIунгутIаби кватIир чIвазарун, кепалда какун хъвараб газеталъул яги журналалъул макъала*)

ФЕЛЬЕТОНИ́ СТ *м* фельетонал хъвалев чи

ФЕМИНИЗА́ЦИЯ *ж* бихьиназулъ руччабазул гIаламатал лъугьин (*мас., гьаракь, къаркъала, михъ-мегеж*)

ФЕН *м* фен (*рас бакъвазабизе бухIараб гьури кьолеб токалъул алат*)

ФЕ́НИКС *м миф.* феникс (*цо-цо некIсиял къавмазул маргьабалъ дандчIвалеб, жибго бухIараб рахъуялдасан нахъеги чIаголъулеб гIажаибаб хIинчI*)

ФЕНО́ЛОГ *м* фенолог *(фенологиялъул специалист)*

ФЕНОЛО́ГИЯ *ж* фенология (*лъагIалил ункъабго заманалда гъветI-хералъул ва рухIчIаголъабазул гIумруялъулъ кколел хисабасиял лъазарулеб биологиялъул (тIабигIат-гIелмуялъул) цо бутIа)*

ФЕНО́МЕН *м (о выдающемся человеке или явлении*) феномен (*цо кинаб бугониги рахъалъ цIакъго тIокIав чи; хIикматаб, тIасан ккараб лъугьа-бахъин*)

ФЕНОМЕНА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое феноменалияб (цIакъго тIокIаб); **~ая си́ ла** цIакъго бергьараб къуват

ФЕОДА́Л *м ист.* феодал *(феодализмалъул заманалда ратIиятчагIазул гъийин кваналев ракьул бетIергьан, помещик)*

ФЕОДАЛИ́ ЗМ *м ист.* феодализм (*феодалазда кодоб ратIиятчагIи-рекъарухъабиги, ракьги, жидерго ракьалда пачалихъа-лъулаб ихтиярги бугеб капитализмаялда цебесеб обществоялъулаб гIуцIи*)

ФЕОДА́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое феодалияб; **~ строй** феодалияб гIуцIи (формация)

ФЕРЗЬ *м шахм.* ферзь

ФЕ́РМА *ж* ферма; **моло́чная ~** рахьдал ферма, (гIачиязул ферма)

ФЕРМЕ́НТ *м биол., хим.* фермент (*чIагояб клеткаялъ лъугьинабулеб ва организмалда жаниб химиялъул реакциялъе кумек гьабулеб органикияб вещество*)

ФЕ́РМЕР *м* фермер (фермаялъул бетIергьан)

ФЕ́РМЕРСК//ИЙ, -ая, -ое фермерасул(аб); **~ое хозя́йство** фермерасул магIишат

ФЕ́РМИЙ *м* фермий (*хим. элемент*)

ФЕРРОМАГНЕТИ́ ЗМ *м физ.* ферромагнетизм *(маххгун жубараб макъратIисалъул тIатунеб тIолабго хасият)*

ФЕ́СКА *ж* фестIагъур (*тIогъиса бегIераб, тIад гIертел бугеб гIагараб бакъбаккул улкабазда лъолеб тIагърил цо тайпа*)

ФЕСТИВА́ЛЬ *м* фестиваль (*искусствоялъул цо тайпаялда тIасан тIобитIулеб байрам)*

ФЕСТИВА́ЛЬН//ЫЙ, -ая,-ое фестивалалъул; **~ые дни** фестивалалъул къоял

ФЕТИ́Ш *м* фетиш (**1.** *цIакъго некIсиял гIадамаз, аллагьилан рикIкIун, жиндие лагъалъи гьабулеб букIараб предмет* **2.** *перен.* сунденги кутакаб беццаб божилъи гьаби, гьелъие наку чIвай)

ФЕТИШИЗА́ЦИЯ *ж* фетишизация, цIакъго тIадегIанаб къадруялде бахинаби

ФЕТИШИЗИ́ РОВАТЬ *несов.* цIакъго тIадегIанаб къадруялде бахинабизе

ФЕТИШИ́ ЗМ *м* фетишизм (*1 аллагьилан тун, рухI гьечIел предметазе лагъалъи гьаби*; 2. *перен. гIурхъулъа араб беццаб божилъи гьаби*)

ФЕТР *м* тIеренаб гъункараб буртина

ФЕ́ТРОВ//ЫЙ, -ая, -ое буртинадул; **~ая шля́па** буртинадул шляпа

ФЕХТОВА́ЛЬЩИК *м* хвалчад (хочод) вахъун ругьунав чи,фехтовальщик

ФЕХТОВА́НИЕ *с* хвалчад рахъин, хвалчен хьвагIизе ругьунлъи

ФЕХТОВА́ТЬ *несов. (къецазул мурадалда*) хвалчад рахъине, хвалчада рагъ гьабизе

ФЕШЕНЕ́БЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое бищун тIадегIанал тIалабазда данде кколеб, гьанжесеб, модаялъулаб; **~ая кварти́ра** цIакъаб, гьанжесеб квартира

ФЕ́Я *ж* фея (*европаялъулазул маргьабазулъ сихIру-чIужу*)

ФИ *межд. разг.* тфу; **фи, како́й гря́зный!** тфу, хъублъи бихьулищ!

ФИА́ЛКА *ж* манарша (*тIегь*)

ФИА́СКО *с нескл.* битIккечIолъи, гIададаккей, мекъсаккей; **потерпе́ть ~** гIадада ккезе, мекъса ккезе

ФИ´ БРА[1] *ж* рихь (*тIанхазулги гьаналги*)

ФИ´ БР//А[2] *ж тех.* фибра, къвакIараб картон; **чемода́н из ~ы** картоналъул чемодан

ФИ́БРОВЫЙ, -ая, -ое картоналъул(аб); **~ чемода́н** картоналъул чемодан

ФИБРО́МА *ж мед.* фиброма (*гьорой*)

ФИ´ ГА *ж* 1) (*плод*) инжир 2) *разг. (кукиш*) бергъучI

ФИ́ГОВ//ЫЙ, -ая,-ое инжиралъул(аб); **~ое де́рево** инжиралъул гъветI

ФИГУ́РА *ж* 1) фигура; **геометри´ ческая ~** геометриялъулаб фигура; *сундулниги* къватIисеб куц-мухъ 2) (*в танце, полете*) свери, горсвери 3) (*скульптура*) мармаралъул, чинидул, гипса-лъул гьабураб сурат 4) (*телосложение*) лага-черх 5) (*человек*) **подозри´тельная ~** щакав гIадан 6) *шахм.* шахматазул фигура (*пешка, ферзь ва гь.ц.*)

ФИГУРА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое сипатияб, аллегорияб; **~ое выраже́ние** сипатияб калам

ФИГУРИ́РОВАТЬ *несов.* 1) (*присутствовать*) *кивниги* вукIине, гIахьаллъи гьабизе; **~ть на суде́ в ка́честве свиде́теля** судалда нугIлъун вукIине 2) (*упоминаться*) рехсезе, цIар бахъизе; **э´ тот вопро́с не ~л на пове́стке дня** гьеб суал гьоркьоб лъеялъул цIар бахъичIо

ФИГУРИ́СТ *м спорт.* фигурист *(чуленазда (конькабазда) хъещтIолев спортсмен)*

ФИГУРИ´ СТКА *ж* фигуристка

ФИГУРКА *ж* 1) (*уменьш. от* **фигу́ра**) гьитIинаб фигура 2) (*статэутка*) мармаралъул *ва гь.ц.* гьитIинаб сурат

ФИГУ́РН//ЫЙ, -ая, -ое 1) кIичIа-свераараб, накъищаб; **~ый руба́нок** гонгал, накъищал рахъулеб сургу; **~ая резьба́** сверунакъищ 2) : **~ое ката́ние на конька́х** фигураби гьарулаго чуленазда (конькабазда) хъещтIей

ФИ´ ЗИК *м* физик *(физикаялъул специалист)*

ФИ´ ЗИКА *м* физика

ФИ´ ЗИКО-МАТЕМАТИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое физикаялъулгун математикаялъул(аб); **~ факульте́т** физикаялъулгун математикаялъул факультет

ФИ´ ЗИКО-ХИМИ´ ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое физикаялъулгун химиялъул(аб); **~ие сво́йства** физикаялъулгун химиялъулал хасиятал

ФИЗИО́ЛОГ *м* физиолог (*физиологиялъул специалист*)

ФИЗИОЛОГИ́ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое физиологиялъул(аб); **~ие проце́ссы** физиологиялъулал хиса-басиял

ФИЗИОЛО́ГИЯ *ж* физиология (*чIагоял организмабазул ва гьезул лугбузул гIумруялъулал функциябазул ва гьел хIалтIулеб куцалъул хIакъалъулъ гIелму*)

ФИЗИОНО́МИЯ *ж* гьумер, куц-бегI

ФИЗИОТЕРАПЕ́ВТ *м* физиотерапевт (*тIабигIиял сурсатаздалъун унтарал сах гьарулев тохтир*)

ФИЗИОТЕРАПЕВТИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое тIабигIиял сурсатаздалъун сах гьариялъул; **~ кабине́т** тIабигIиял сурсатаздалъун (*хинлъиялдалъун, токалдалъун...*) унтарал сах гьарулеб кабинет

ФИЗИОТЕРАПИ́Я *ж* физиотерапия (*тIабигIиял сурсатаздалъун дару гьаби–токалдалъун, бакъалдалъун, лъедалъун, хвадиялдалъун ва гь.ц.*)

ФИЗИ́ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое *в разн. знач.* физикияб, физикаялъул; **~ая лаборато́рия** физикаялъул лаборатория; **~ий труд** квервзул захIмат; **~ая си´ла** тIабигIияб къуват; **~ие страда́ния** тIабигIияб гIазаб

ФИЗКУЛЬТУ́РА *ж* физкультура; **лече́бная ~** сахлъизариялъе гIоло гьабулеб физкультура

ФИЗКУЛЬТУ´ РНИК *м* физкультурник

ФИЗКУЛЬТУ´ РНИЦА *ж* физкультурница

ФИЗКУЛЬТУ́РНЫЙ, -ая,-ое физкультураялъул; **~ пара´д** физкультурниказул парад; **~ костю´м** физкультурникасул, физкультурникас ретIунеб костюм

ФИКСА́ЦИЯ *ж* (*по гл.* **фикси´ровать**) щула гьаби, сураталде, фотографиялде, хъвай-хъвагIаялде боси

ФИКСИ́РОВАТЬ *сов. и несов. что* 1) (*регистрировать*) хъвай-хъвагIай гьабизе; **~ ка́ждое сло́во** щибаб ргIи хъвазе 2) (*устанавливать*) чIезабизе 3) (*сосредоточиться*) буссинабизе; **~ внима́ние** кIвар буссинабизе 4) (*закреплять*) щула гьабизе 5) *фото* фиксажалъ (фотосурат) щула гьабизе

ФИКТИ́ВНОСТЬ *ж* ургъун бахъараб букIин, хIакъикъияб гуреблъи

ФИКТИ́ВН//ЫЙ, -ая, -ое ургъараб, гьересияб, хIакъикъияб гуреб; **~ые докуме́нты** гьересиял документал

ФИ́КУС *м бот.* фикус (*берцинлъиялъе рокъоб гIезабулеб гIебал, халаткарал тIанхазул даим гIурччинаб тропикалда бижулеб гъветI*)

ФИ́КЦИЯ *ж* ургъараб гьереси, кьучI гьечIеб, хIакъикъияб гуреб жо)

ФИЛАНТРО́П *м* пакъирзабазе садакъаялдалъун кумек гьабизе лъугьарав чи

ФИЛАНТРО́ПИЯ *ж* пакъирзабазе гьабулеб садакъадулаб кумек; квербакъи; гIадан хиралъи

ФИЛАРМО́НИЯ *ж* филармония (*концертал кьолеб ва музыкалияб искусство халкъалда гьоркьоб тIибитIизабулеб идара*)

ФИЛАТЕЛИ´ СТ *м* филателист (*почалъул маркабазул коллекция гьабулев чи*)

ФИЛАТЕЛИ́Я *ж* почалъул маркабазул коллекция гьаби, ракIари

ФИЛЕ́ *с нескл.* 1) (*мясо*) филе *(бищун лъикIаб гьодилъа гьан)* 2) ччугIил, хIинчI-къедалъул, хIайваналъул рокьодаса бацIцIад гьабураб гьан

ФИЛЁНКА[1] *ж* филёнка (**филе́й** *м*) *см.* **филе́ 1**

ФИЛЁНКА[2] *ж* филенка (*рамаялда жаниб лъезе рекъезабураб тIеренаб хъарщи яги фанера*); **дверна́я ~** нуцIил филенка

ФИЛИА́Л *м* филиал (*жибго жиндаго чIун хIалтIулеб, цоги бакIалда рагьараб кинаб бугониги идараялъул, фабрик-заводалъул отделение*); **~ акаде́мии нау́к Росси´и** Россиялъул гIелмабазул академиялъул филиал; **~ институ́та** институталъул филиал

ФИЛИГРА́НН//ЫЙ, -ая, -ое 1) месед-гIарацалъул кьурараб тIеренкунал гIемерал накъищалгун цIакъ махщалида гьабураб; **~ые изде́лия** кьурараб меседкунал (гIарацкунал) гьарурал тIагIалаби 2) *перен.* гIисинал накъищазде кIвар кьун бергъараб махщалида берцин гьабураб

ФИЛИГРА́НЬ *ж* тIерен кьурараб месед-гIарцул кунал гьабураб къайи

ФИ´ ЛИН *м* кеторуз

ФИЛО́ЛОГ *м* филолог (*мацIалъул ва адабияталъул гIалим, специалист*)

ФИЛОЛОГИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое филологияб, филология-лъул(аб)

ФИЛОЛО́ГИЯ *ж* филология (*цо пуланаб миллаталъуц мацI ва адабият лъазабулеб гIелму*)

ФИЛО́СОФ *м* философ (*философиялъул гIалим*)

ФИЛОСО́ФИЯ *ж* философия (*тIабигIат, инсаният, гIакълу цебетIеялъул гIаммал законазул хIакъалъулъ гIелму*)

ФИЛОСО́ФСКИЙ, -ая, -ое философияб, философиялъул(аб); **~ факульте́т** философияб факультет

ФИЛОСО́ФСТВОВАТЬ *несов.* 1) *книжн.* философиялда вазе, философиял суалазде машгъуллъизе 2) *перен. разг.* чIалгIаде эргъезе, гIакъилавлъун хIазе

ФИЛЬМ *м* фильм, кино; **немой ~** гьаракь гьечIеб (фильм) кино; **звуковой ~** кIалъалеб (гьаракь бугеб) кино

ФИЛЬМОСКО́П *м* фильмоскоп (*кино бихьизабулел аппаратазул цо тайпа*)

ФИЛЬТР *м* цIцIура, цIцIударо, фильтр

ФИЛЬТРА́ЦИЯ *ж* цIцIураялъ, цIцIударояльъ, фильтралъ бацIцIад гьаби

ФИЛЬТРОВА́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое цIцIузе, цIцIудариялъе хIалтIизабулеб

ФИЛЬТРОВА́ТЬ *несов. что* цIцIузе; **~ во́ду** лъим цIцIузе

ФИНА́Л *м* ахир, лъугIел, тIарамагъадисеб бутIа

ФИНА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое ахираб, тIарамагъадисеб, хIасилазулаб; **~ый матч** ахираб (хIасилияб) дандчIвай

ФИНАНСИ́РОВАНИЕ *с* (*по гл.* **финанси´ровать**) гIарцудалъун хьезари

ФИНАНСИ´ РОВАТЬ *сов. и несов. кого-что* гIарац биччазе, гIарцудалъун хьезаризе

ФИНАНСИ́СТ *м* финансист (*I гIарац хьвадизабиялъул специалист; 2. гIарцул иш кодосев капиталист, банкир*)

ФИНА́НСОВЫЙ, -ая, -ое финансазул(аб); **~ кри́зис** финансазул кризис

ФИНА́НС//Ы *мн.* 1) финансал (гIарцул сурсатал); **министе́рство ~ов** финансазул министерство 2) *разг. (деньги)* гIарац

ФИМИА́М *м* фимиам *(тамахьо гIадин бухIулеб махI берцинаб жо)* ◊ **кури́ ть ~** *кому-л. (лъиениги хIелхIедун)* рецц-бакъ гьабизе

ФИ́ НИК *м* чамасдак

ФИ́НИКОВ//ЫЙ, -ая, -ое чамасдакил(аб); **~ая па́льма** чамасдакил гъветI

ФИНИНСПЕ́КТОР *м* фининспектор (*гIарцул ишазул инспектор*)

ФИ́ НИШ *м* чIел

ФИНИШИ́ РОВАТЬ *сов. и несов.* чIел босизе, чIалде щвезе

ФИ́ НИШН//ЫЙ, -ая, -ое чIелалъул; **рвать ~ую ле́нту** чIалда́ ккураб чалу тIезабизе

ФИ́ НКА[1] *ж* финай

ФИ́ НКА[2] *ж разг. (нож)* финка, финка-нус

ФИНН *м* финав

ФИ́ННО-УГО́РСК//ИЙ, -ая, -ое финазулгун угоразул; **~ие языки́** финазулгун угоразул мацIал

ФИ́ ННЫ *мн.* финал

ФИ́ НСКИЙ, -ая, -ое финазул(аб); **~ язы́ к** финазул мацI

ФИОЛЕ́ТОВЫЙ, -ая. -ое хъахIилаб

ФИО́РД *м геогр.* фиорд *(ракъдалтIиялда жанибе араб чIедерхалатаб кьурулал рагIаллъабазул ралъдал залив*)

ФИ́ РМА *ж* фирма (*жиндирго мугьруги тукабиги ругеб дармил яги промышленностaлъул предприятиэ*)

ФИ́ РМЕННЫЙ, -а. -ое фирмаялъул(аб); **~ магази́н** фирмаялъул тукен

ФИСГАРМО́НИЯ *ж* фисгармония (*музыкалияб алат*)

ФИСКА́Л *м разг.* жасус, мацIихъан

ФИСКА́ЛИТЬ *несов. разг.* мацI гьабизе

ФИСТА́ШКА *ж* парсцIулакьо (*гъветIги пихъги*)

ФИСТА́ШКОВ//ЫЙ, -ая,-ое 1) парсцIулакьодул(аб); **~ое се́мя** парсцIулакьодул хьон 2) (*о цвете*) гIурччинккараб, парс цIулакьодул кьераб

ФИ́СТУЛА *ж мед.* мащу (*ургьиса къватIибе лъамалъи бачIине лъураб*)

ФИСТУЛА́ *ж муз. (тонкий голос)* цIакъ тIеренаб зирараб гьаракь

ФИТИ́ ЛЬ *м* 1) билта; **ла́мповый ~** чирахъалъул билта 2) (*горючий шнур*) питил

ФИ́ ШКА *ж* фишка (*цо-цо хIаязулъ хIисабалъе хIалтIизарулел гургинал яги ункъбокIонал цIулал яги рокьол гьарурал гIисинал фигурабазул цояб*)

ФЛАГ *м* байрахъ; **кра́сный ~** багIараб байрахъ

ФЛА́ГМАН *м* флагман (1 *эскадраялъул яги флоталъул командир; 2 командир тIад вугеб рагъул ралъдал яги гьаваялъул кIудияб гама*)

ФЛАГШТО́К *м* флагшток (*байрахъ борхизе чIвараб гIер*)

ФЛАЖО́К *м уменьш. от* **флаг** гьитIинаб байрахъ

ФЛАКО́Н *м* флакон (*духиялъе, одеколоналъе гьабураб гьитIинаб шиша*)

ФЛАМИ́ НГО *м нескл.* фламинго (*халатал боздузул, халатаб габуралъул канчIбагIараб хIулиялъул лъадал хIинчI)*

ФЛАНГ *м* 1) *воен.* фланг (*низамалда чIарал аскаразул, гьез ккураб фронталъул, гьел рещтIараб бакIалъул хьибилаб рахъ (кваранабги квегIабги*) 2) хьибилаб рахъ

ФЛАНГО́ВЫЙ, -ая., -ое 1) флангалъул(аб), хьибилаб 2) *в знач. сущ. ~ м* флангалъул ахирисев (кьерда)

ФЛАНЕ́ЛЕВЫЙ, -ая, -ое измуралъул

ФЛАНЕ́ЛЬ *ж* измур *(рас бахъараб)*

ФЛЕГМА́ТИК *м* чIамучIав, хIинцав, вечIарав, сундулго ургъел гьечIев чи

ФЛЕГМАТИ́ЧНЫЙ, -ая, -ое хIинцав, чIамучIав, вечIарав, ургъел гьечIев

ФЛЕГМО́НА *ж мед.* флегмона (*къвалакь, тIомокь кIудияб бакI хьордой*)

ФЛЕ́ЙТА *ж муз.* щвантIих

ФЛЕЙТИ́ СТ *м* щвантIих пулев чи

ФЛЕ́КСИЯ *ж лингв.* рагIул ахир (*падежазде сверулелъул хисулеб рагIул ахирияб бутIа*) ◊ **вну́тренняя ~** *лингв.* рагIул форма лъугьунаго, кьибилалъулъ кколеб хиса-баси

ФЛИ́ГЕЛЬ *м* флигель (*кIудияб мина́ялъул кваркьи яги аскIобго бараб гьитIинаб мина*)

ФЛИРТ *м* чалухлъи, рокьи гьаби

ФЛИРТОВА́ТЬ *несов.* рокьи гьабизе, чалухлъизе

ФЛО́РА *ж (растительный мир)* флора (*цо пуланаб бакIалъул тIолабго гъветI-хер*)

ФЛОТ *м* флот *(улкаялъулго рагъул ва дармил гуми яги хасаб ралъдал, гIурул флот)* **вое́нный ~** рагъул флот; **возду́шный ~** гьаваялъул флот

ФЛОТИ́ ЛИЯ *ж* флотилия (I *цо хасаб гIурул, хIорил, къараб ралъдал жаниблъиялда ругел киналго рагъулал гуми; 2 хасаб ишалъе хIисаб гьабурал гумузул къокъа*)

ФЛОТОВО́ДЕЦ *м* рагъулаб флоталъул начальник; ралъдал рагъулал къуватазул командир

ФЛО́ТСКИЙ, -ая,-ое флоталъул; **~ экипа́ж** флоталъул экипаж

ФЛУОРЕСЦЕ́НЦИЯ *ж физ.* флуоресценция (*жиндие щвараб канлъи лъугIизегIан кунчIулеб вещество*)

ФЛУОРЕСЦИ́ РОВАТЬ *несов. физ.* гвангъизе, кунчIизе

ФЛЮ́ГЕР *м* флюгер (*гьури пулеб рахъ ва гьелъул къуват борцунеб алат*)

ФЛЮС *м мед.* гIосокьбакI хьордой

ФЛЯ́ ГА *ж* фляга (*чIинтIараб, лъел цIун, рачлихъ бан, цадахъ босулеб хъаба*)

ФЛЯ́ ЖКА *ж см.* **фля́ га; похо́дная ~** сапаралда цадахъ босулеб фляжка (хъаба)

ФОЙЕ́ *с нескл.* фойе, жанахIзал (*театразда, киноялда, клубазда*)

ФОКСТРО́Т *м* фокстрот (*цо хехаб кьурди ва гьелъие бачунеб бакъан*)

ФО́КУС[1] *м физ.* 1) фокус (*линзаялъ данде ракIарарал бакъул (канлъул) чIорал цолъулеб тIанкI* 2) *фото* фокус (*бахъулеб сурат бацIцIадго, якъинго лъугьунеб манзил, тIанкI)* 3) *перен.* киназулго пикру буссараб, гIаммаб кIвар кьолеб бакI

ФО́КУС[2] *м* 1) (*ловкий прием*) фокус, бербухьин, сихIру гьаби 2) *перен. разг. (увертка)* гукки 3) *мн.* **~ы** *перен. разг.* барщари, гогьдари

ФОКУСИ́РОВАТЬ *несов. что* 1) (*собирать в фокус*) канлъул чIорал данде ракIаризе 2) *физ. фото (находить фокус)* фокус кквезе (батизе)

ФО́КУСНИК *м* фокусник, сихIручи, сихIраби рихьизарулев артист

ФО́КУСН//ЫЙ, -ая., -ое *физ. фото* фокусалъул(аб); **~ое расстоя́ние** фокусалъулаб манзил

ФОЛИА́НТ *м* фолиант *(кIудияб форматалъул бицатаб тIехь)*

ФО́ЛЬГА *ж* фольга (*цIакъго тIеренаб металлалъул лист*)

ФОЛЬКЛО́Р *м* фольклор (*кIалзул гьунаралъул халкъиял асарал*)

ФОЛЬКЛОРИ́СТ *м* фольклорист (*фольклоралъул специалист*)

ФОЛЬКЛОРИ́СТИКА *ж* фольклористика (*фольклоралъул хIакъалъулъ гIелму*)

ФОЛЬКЛО́РН//ЫЙ, -ая, -ое фольклорияб; **~ая экспеди́ ция** фольклорияб (фольклор бакIаризе гьабулеб) экспедиция

ФОН *м* 1) фон, тIон (аслу, гъоркьбакI); **си́ние цветы́ на бе́лом ~е** хъахIаб тIоналда хъахIилал тIугьдул 2) *перен. (обстановка, среда)* сверухълъи, гIаммаб ахIвал-хIал

ФОНА́РИК *м умени. от* фона́рь; чирахъ; **карма́нный ~** кисиниб лъолеб фонарь, чирахъ

ФОНА́РНЫЙ, -ая, -ое чирахъалъул; **~ столб** чирахъ базе чIвараб хIуби

ФОНА́РЬ *м* 1) фонарь, чирахъ; **у́личный ~** къотIноб бараб фонарь, чирахъ 2) *разг. (синяк)* кьабун, тункун хъахIиллъараб бакI

ФОНД *м в разн. знач.* фонд, нахърател (*сундуениги нахъе цIунарал гIарцул ва материалиял сурсатал)*; **~ за́работной пла́ты** харжалъул фонд; **семенно́й ~** хьодолаб фонд; **музе́йный ~** музеялъул фонд ◊ **золотой ~** меседил нахърател

ФО́НДОВ//ЫЙ, -ая, -ое фондалъул(аб), нахъраталил; **~ая опера́ция** фондал рича-хиси

ФОНЕ́МА *ж лингв.* фонема *(жиб хисиялдалъун рагIул яги морфемаялъул магIна хисулеб гьарабкьу)*

ФОНЕ́ТИКА *ж лингв.* фонетика (*каламалъул гьаркьазул бицунеб мацIалъул хIакъалъулъ гIелмуялъул цо бутIа*)

ФОНЕТИ́ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое *лингв.* фонетикияб, фонетикаялъул(аб); **~ая транскри́пция** фонетикияб транскрипция

ФОНОГРА́ММА *ж* фонограмма (*пластинкаялда, ленталда хъвараб калам, музыка*)

ФОНО́ГРАФ *м* фонограф (*гьаракь-калам хъвалеб аппарат*)

ФОНТА́Н *м* фонтан *(хIалуциналь эхеде речIчIун бачIунеб лъим ва цогидабги лъамалъи)*

ФОНОТЕ́КА *ж* фонотека *(магниталъул чалуялда, пластинкаялда хъварабщинаб цIунулеб бакI)*

ФОРЕ́ЛЬ *ж* масакI ччугIа (*мугIрузул гIоралъ, лъаралъ, хIориниб букIунеб багIаралгун чIегIерал тIанкIал ругеб ччугIа*)

ФО́РЗАЦ *м полигр.* форзац (*тIехьалде мужалатал седонеб кIиркIараб тIамач*)

ФО́РИНТ *м* форинт (В*енгриялъул гIарцул роцада цIар*)

ФО́РМА *ж* 1) *в разн. знач.* форма; **в ~е ша́ра** гургинаб, шаралъул формаялда; **в пи́сьменной ~е** хъван; **~а правле́ния** пачалихъалъул гIуцIи; **~а и содержа́ние** магIнаги формаги; **~ы сло́ва** рагIул формаби; **отчёт по ~е № 3** лъабабилеб номералъул формаялда рекъон кьолеб хIисаб-суал; **пара́дная ~а** парадалъулаб форма 2) *тех.* куц, халипа; **~а для отли́вки ста́ли** биараб чаран тIезе халипа ◊ **быть в ~е** къамартIго вукIине; **по всей ~е** букIине кколеб куцалда

ФОРМАЛИ́ЗМ *м* формализм (*I магIнаялъе мукъсанлъи ккезабун, къватIисеб форма цIуни; сунденигги тIаса-масагояб бербалагьи; 2 гIумруялдаса, хIакъикъаталдаса, идейнияб магIнаялдаса тIезабун, цохIо формаялде кIвар кьолеб идеалистаз гIелмуялда жаниб ккураб нух; 3 литератураялда, магIнаялде, хIасиналде кIварги кьечIого, цохIо формаялда тIадчIей гьаби*)

ФОРМАЛИ́СТ *м* формалист (*I формализмаялъул рахъ ккурав чи; 2 жиндир хIалтIулъ, форма цIуни гурони, хIакъикъаталде кIвар кьоларев чи*)

ФОРМАЛИСТИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое формалияб, формализмалда буцараб

ФОРМА́ЛЬНОСТЬ *ж* формачилъи *(магIнаялъул кIвар гьечIеб, форма цIунизе гIоло гьабулеб иш, хъвай-хъвагIай, гIолонжо)*

ФОРМА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое *в разн. знач.* формалияб, формаялъул(аб); **~ый ана́лиз** формалияб, тIаса-масагояб анализ

ФОРМА́Т *м* формат, тIехьалъул, тIанчил, карточкаялъул роцен, форма

ФОРМА́ЦИЯ *ж* формация (*обществоялъул цебетIеялъулъ тарихияб болъо, цо хасаб заман, гьеб заманалъе хасиятаб жамгIияб гIуцIи, тайпа, гьоркьоблъи*)

ФО́РМЕНН//ЫЙ, -ая,-ое 1) формаялъул(аб); формаялда рекъон гьабураб; **~ая оде́жда** формаялъулаб ретIел 2) *перен. разг.* унго-унгояб, тIубараб; **~ый дурак** тIубарав гIабдал

ФОРМИРОВА́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **формирова́ть**) форма лъугьинаби, куцай **2**. (*по гл.* **формирова́ться**) буцIцIин, лъугьин, форма боси **3.** *воен.* аскар гIуцIи; цIидасан гIуцIараб часть

ФОРМИРОВА́ТЬ *несов. что* 1) (*порождать*) форма лъугьинабизе, бижизабизе 2) (*создавать*) гIуцIизе; **~ полк** полк гIуцIизе; **~ прави́тельство** хIукумат гIуцIизе 3) *ж.-д.* дандразе; **~ соста́в** вагонал дандран поезд гIуцIизе

ФОРМИР//ОВА́ТЬСЯ *несов. (складываться)* лъугьине, куцазе, цIубазе; **хара́ктер ~у́ется под влия́нием среды́** сверухъ-лъиялъул асаралда гъоркь лъугьуна (куцала) гIамал-хасият

ФОРМОВА́ТЬ *несов. что* куцазе, коцода рекъезабизе, халипалде тIезе; **~ гли́ ну** хIатIул куц, халипа гьабизе

ФОРМО́ВКА *ж* 1) (*по гл.* **формова́ть**) куц, халипа 2) лъутIакъотIи; **~ кирпича́** халипалда рекъон, кирпич къотIи

ФОРМОВО́Й, -ая, -ое халипалъул(аб), коцолаб; **~ хлеб** халипалъулаб (халипалъуб бежараб) чед

ФОРМО́ВЩИК *м* формовщик, халипачи

ФОРМО́ВЩИЦА *ж* формовщица, халипачIужу

ФО́РМУЛА *ж* формула (*I къокъаб ва мухIканаб хIасилалъулаб калам, определение*; 2 *мат. шартIиял ишарабаздалъун хIисабалъул гIамалал гьаризе кколеб куц бихьизабулеб выражение; 3. хим. химиялъулал ишарабаздалъун молекулалъул гIуцIи ва химиялъулаб реакция унеб куц бихьизаби*)

ФОРМУЛИ́РОВАТЬ *сов. и несов.* къокъго ва мухIканго пикру бицине, баян кьезе

ФОРМУЛИРО́ВКА *ж* **1.** (*по гл.* **формули́ровать**) мухIканаб ва къокъаб баян кьей **2**. баян, определение; **то́чная ~а** мухIканаб баян, определение; **измени́ть ~у** баян (определение) хисизабизе

ФОРМУЛЯ́Р *м* формуляр (I *хъулухъчиясул ишазул, хIалтIабазул сияхI*; 2 *библиотекаялда тIахьазулги тIахьал цIалулезулги баянал хъвараб карточка*; 3 *цо кинаб бугониги бараб бакIалъул хIакъалъулъ цIиял баянал тIаде росулеб тIехь*)

ФОРПО́СТ *м воен.* форпост (*гIорхъода бараб щулалъи; рещтIараб аскар цIунизе цебехун тIамураб пост*)

ФОРС *м прост.* чIухIи-пахрулъи

ФОРСИ́РОВАНИЕ *с* (*по гл.* **форси́ровать**) рухсазаби, хехлъизаби, рухсан бахин; **~ реки́** рагъулаго рухсан гIор бахин

ФОРСИ́РОВАНН//ЫЙ, -ая,-ое (*ускоренный*) хехлъизабураб, рухсазабураб

ФОРСИ́РОВАТЬ *сов. и несов. что* 1) (*ускорить*) рухсазабизе, хехлъизабизе; **~ строи́тельство** мина бай хехлъизабизе 2) *воен.* рагъулаго рухсан гIор бахине

ФОРСИ́ТЬ *несов. прост.* чIухIдаризе, рихьдае хьвадизе

ФОРСУ́НКА *ж* форсунка (*лъамияб яги хIарараб цIатари пунхъулеб алат*)

ФОРТ *м воен.* форт *(щулалъи, гьитIинаб хъала)*

ФО́РТЕЛЬ *м разг.* лебалаб макру, тохлъукьеяб хIилла; **вы́кинуть ~** тохлъукье хIилла гьабизе

ФОРТЕПЬЯ́НО *с нескл.* фортепьяно (*музыкалияб алат*)

ФОРТИФИКАЦИО́НН//ЫЙ, -ая, -ое рагъулал щулалъабазул, хъулбузул, сангаразул; **~ые сооруже́ния** рагъулал рарал бакIал, рагъулал щулалъаби

ФОРТИФИКА́ЦИЯ *ж* фортификация (*I рагъулал щулалъаби раялъул хIакъалъулъ инженерлъиялъул гIелму; 2 рагъуе рарал щулалъаби, сангарал, хъулби*)

ФО́РТОЧКА *ж* форточка *(гьава хьвадизе горда лъураб гьитIинаб рагъулеб къотIел)*

ФОРТУ́НА *ж* къисмат, талихIккей

ФО́РУМ *м* форум (*I ист. некIсияб Рималда жамгIияб гIумру данде буссараб байдан; 2 кIудияб мажлис, данделъи*)

ФОСГЕ́Н *м* фосген (*загьруяб газ*)

ФОСФА́Т *м* фосфат (*ракь беэн гьабулеб фосфоралъул цIам*)

ФО́СФОР *м* фосфор (*хим. элемент*)

ФОСФОРЕСЦЕ́НЦИЯ *ж физ.* фосфоралъулаб кунчIи (*цоцо веществабазул кунчIулеб, гвангъулеб хасият*)

ФОСФОРИ́Т *м мин.* фосфорит (*фосфор гъорлъ бугеб магIдан*)

ФОСФОРИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое фосфоралъул(аб); **~ свет** фосфоралъулаб канлъи (кунчIи)

ФО́СФОРН//ЫЙ, -ая, -ое фосфоралъул(аб); **~ая кислота́** фосфоралъул кислота

ФО́ТО *с нескл.* сурат

ФО́ТО... *«фотографиялъул» абураб магIнаялда жубараб рагIиялъул авалияб бутIа;* **фотовы́ставка** фотосуратазул выставка

ФОТОАППАРА́Т *м* фотоаппарат (*суратал рахъулеб аппарат*)

ФОТОБУМА́ГА *ж* фотокагъат

ФОТОГАЗЕ́ТА *ж* фотогазета

ФОТО́ГРАФ *м* фотограф (*фотоаппараталъ суратал рахъулев чи*)

ФОТОГРАФИ́ РОВАНИЕ *с* (*по гл.* **фотографи́ровать**) сурат бахъи; **~ дете́й** лъималазул сурат бахъи

ФОТОГРАФИ́ РОВАТЬ *несов. кого-что* фотоаппараталъ сурат бахъизе

ФОТОГРАФИ́ РОВАТЬСЯ *несов.* сурат бахъизе (*жиндирго*)

ФОТОГРАФИ́ ЧЕСКИЙ, -ая, -ое фотографиялъул(аб); **~ аппара́т** суратал рахъулеб аппарат; **~ сни́мок** фотоаппараталъ ба-хъараб сурат, фотосурат

ФОТОГРА́ФИЯ *ж* 1) сурат бахъи 2) (*снимок*) фотосурат 3) (*мастерская*) суратал рахъулеб, къачIалеб бакI

ФОТОКА́РТОЧКА *ж* фотосурат, карточка

ФОТОКО́ПИЯ *ж* фотокопия *(документазул фотосурат)*

ФОТОКОРРЕСПОНДЕ́НТ *м* фотокорреспондент *(газетазе, журналазе фотосуратал рахъулев чи, мухбир)*

ФОТОЛАБОРАТО́РИЯ *ж* фотолаборатория (*фотосуратал къачIалеб рукъ*)

ФОТОЛЮБИ́ ТЕЛЬ *м* ракIгъеялъе суратал рахъулев чи

ФОТОМАТЕРИА́ЛЫ *мн.* (*ед.* **фотоматериа́л** *м*) фотографиялъул тIагIалаби, химикатал

ФОТОРЕПОРТА́Ж *м* фоторепортаж (*фотосуратаздалъун бакIалъулал лъугьа-бахъинаязул бицин*)

ФОТОРЕПОРТЁР *м* фоторепортер (*газетазе, журналазе фотосуратал рахъулев чи*)

ФОТОРО́БОТ *м* фоторобот *(1 гIадамазул биценалда рекъон яги батIи-батIиял суратазул бутIабазул кумекалдалъун цеве гьечIев чиясул сурат гьабулеб аппаратура; 2 гьединаб аппараталъул кумекалдалъун гьабураб сурат)*

ФОТОСНИ́ МОК *м* фотосурат

ФОТОТЕЛЕГРА́ММА *ж* фототелеграмма

ФОТОТЕЛЕГРА́Ф *м* фототелеграф (*рикIкIаде суратал кьолеб аппарат*)

ФОТОТЕЛЕГРА́ФН//ЫЙ, -ая, -ое фототелеграфалъул(аб); **~ая связь** фототелеграфалъулаб бухьен

ФОТОХРО́НИКА *ж* фотохроника (*фотосуратаздалъун заманалъул тартибалда лъугьа-бахъинал рихьизари*)

ФОТОЭЛЕМЕ́НТ *м* фотоэлемент (*канлъуца хIалтIизабулеб электронияб прибор*)

ФРАГМЕ́НТ *м* фрагмент, кесек *(текстalъул, музыкалияб асаралъул кесек, некIсияб искусствоялъул хутIарал кескал); ~* **рома́на** романалъул кесек; **~ из бале́та** балеталъул цо бутIа

ФРА́ЗА *ж* калима, жугьа; **дли́нная ~** халатаб калима; **пуста́я ~** чIобогояб калам (жугьа)

ФРАЗЕОЛОГИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое фразеологияб, фразеологиялъул; **~ слова́рь** фразеологияб словарь

ФРАЗЕОЛО́ГИЯ *ж* фразеология (*1 кинаб бугониги мацIалъе хасиятал риххуларел сверелал, каламал; 2 мацIалъул гIелмуялъул риххуларел сверелал, каламал лъазарулеб бутIа (раздел*)

ФРАЗЁР *м* пахруяб, чIобогояб каламалъул чи

ФРАЗЁРСТВО *с* чIандачилъи, кIалбазарлъи

ФРАК *м* фрак (*чIухIдае ретIунеб бихьиназул костюмалъул цо тайпа, форма*)

ФРАКЦИОНЕ́Р *м полит.* фракционер (*цо политикияб гIуцIиялдаса тIун, батIаго чIараб къокъаялъул член*)

ФРАКЦИО́ННЫЙ, -ая, -ое фракциялъул(аб); **~ая борьба́** фракциялъулаб къеркъей

ФРА́КЦИЯ *ж* фракция (*1 цо политикиябгун жамгIияб гIуцIиялдаса ратIалъун чIарал членазул къокъа; 2 политикияб партиялда жаниб жидерго нух ккун чIараб къокъа; 3 цо ишалъе, мурадалъе цолъарал гIадамазул къокъа*)

ФРАМУ́ГА *ж* фрамуга (*гордуялъул, нуцIил тIолабго тIасияб бер*), тIасагорду

ФРАНК *м* франк (*Франциялъул, Белгиялъул ва гь.ц. улкабазул гIарцул роцен*)

ФРАНТ *м* франт (*рихьдае къачIа-кIатIан хьвадулев чи*), чIухIухъан

ФРАНТИ́ТЬ *несов. разг.* ратIлид чIухIизе, рихьдае ретIа-къазе

ФРА́НЦИЙ *м* франций (*хим. элемент*)

ФРАНЦУ́ ЖЕНКА *ж* франгай

ФРАНЦУ́ З *м* франгав

ФРАНЦУ́ ЗСКИЙ, -ая,-ое франгазул(аб); **~ язы́к** франгмацI, франгазул мацI

ФРАНЦУ́ ЗЫ *мн.* франгал, французал

ФРЕГА́Т *м воен.* фрегат (*некIсияб рагъул гама*)

ФРЕ́ЗА *ж тех.* фреза (*ххенолеб сургу, нусал гIемераб ххенолеб сургу*)

ФРЕ́ЗЕРНЫЙ, -ая.,-ое *тех.* фрезералъул(аб); **~ стано́к** фрезералъулаб станок

ФРЕЗЕРОВА́ТЬ *сов. и несов. что* фрезер биччазе

ФРЕЗЕРО́ВЩИК *м* фрезеровщик, фрезерчи *(фрезералъул станокалда хIалтIулев устар*)

ФРЕЗЕРО́ВЩИЦА *ж* фрезеровщица

ФРОНТ *м в разн. знач.* фронт, рагъуе аскарал чIараб къагIи-да, мухъ; **за́падный ~** бакътIерхъул фронт; **отпра́вка пополне́ний на ~** фронталде рагъде тIадеги аскариял ритIи; **культу́рный ~** культурияб фронт; **еди́ный ~ сторо́нников ми́ра** ракьлил рахъ ккуразул цогояб фронт

ФРОНТА́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое цадахъаб, цебесеб, бадисеб; **~ уда́р** *воен.* цебесан къаби щвезаби

ФРОНТОВИ́ К *м* фронтовик, рагъул гIахьалчи

ФРОНТОВО́Й, -а́я, -о́е фронталъул, рагъулаб; **~ това́рищ** рагъулав гьалмагъ

ФРУКТ *м* пихъ; **сушёные ~ы** бакъвараб пихъ

ФРУКТО́ВЫЙ, -ая, -ое пихъил; **~ сад** пихъил ах

ФРУКТО́ЗА *ж* пихъил чакар

ФУ *межд.* вагIав, гьуя

ФУГА́НОК *м* сургу (*халатаб*)

ФУГА́С *м* кIудияб гьечIеб гъварилъуда ракьулъ яги лъеда гъоркь кьвагьизе лъураб жо (заряд), фугас

ФУЖЕ́Р *м* бокал (*борхатаб*)

ФУНДА́МЕНТ *м* 1) кьучI; **ка́менный ~** ганчIил кьучI; **заложи́ть ~** кьучI тIамизе 2) *перен.* аслу

ФУНДАМЕНТАЛИ́ЗМ *м* фундаментализм, басралъарал пикраби хисизариялда цIакъго хъачIго данде чIараб диналъул рикьи

ФУНДАМЕНТА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*большой*) кIудияб, щвалде щвараб; **~ая постро́йка** щвалде щун бараб бакI 2) *(основательный)* мухIканаб, рагIа-ракьанде щвараб; **~ое иссле́дование** мухIканаб, щвалде щвараб цIех-рех 3) (*основной*) аслияб; **~ая библиоте́ка** аслияб (бетIераб) библиотека

ФУНИКУЛЁР *м* фуникулер (*гъоркъа тIаде квералъ (тросалъ) гьитIинал вагонал мугIрузде цIалеб квегIенлъи*)

ФУНКЦИОНА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое функционалияб, хIалтIул; **~ая зави́симость** функционалияб хурхен буголъи; **~ые расстро́йства** *мед.* организмалъул (черхалъул) хIалтIулъ гIузраби ккей, гIадлу биххи

ФУНКЦИОНИ́РОВАНИЕ *с* (*по гл.* **функциони́ровать**) хIалтIи, чIаголъи

ФУНКЦИОНИ́ РОВАТЬ *несов.* хIалтIизе, чIаголъи гьабизе

ФУ́НКЦИЯ *ж* функция (1 *цогидалда жиб бараб, гьеб хисиялдалъун хисулеб хIалтIи, иш, лъугьа-бахъин; 2 мат. цогияб хисиялда рекъон жиб хисулеб величина (къадар); 3 биол. черхалъул, лугбузул жанисеб хIалтIи, чIаголъи*)

ФУНТ[1] *м (русская мера)* гилавка (409,5 г)

ФУНТ[2] *м* фунт (*цо-цо улкабазул гIарцул роцен*)

ФУРА́Ж *м* рагIи-хер, кIалцIи-хер

ФУРА́ЖКА *ж* фуражка, щомелитIагъур

ФУРА́ЖНЫЙ, -ая, -ое кIалцIи-хералъул; **~ фонд колхо́за** колхозалъул кIалцIи-хералъул нахърател

ФУРГО́Н *м* фургон (пургун), чолгъоко

ФУРО́Р *м* фурор (*цере рахъаразе халкъалъ рохалида рецц гьаби, кутакалда хъат чIван кIодо гьари*)

ФУРУ́НКУЛ *м мед.* бокьонацI, бижаражо

ФУТ *м* фут (*некIсияб 30,48 сантиметралда бащадаб халалъи борцунеб роцен*)

ФУТБО́Л *м* футбол

ФУТБОЛИ́ СТ *м* футболист (*футбол хIалев чи*)

ФУТБО́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое футболалъул(аб); **~ая кома́нда** футболалъул команда

ФУТЛЯ́Р *м* лъел; **~ для очко́в** цIороберазул лъел; **~ для скри́пки** чагъанаялъул лъел

ФУТУРИ́ЗМ *м* футуризм (*реализмалдаса ва цебесеб рухIияб бечелъиялдаса инкар гьабулеб, 20 аб. гIасруялъул авалалда искусствоялда ва литератураялда жаниб лъугьараб формализияб чвахи*)

ФУТУРИ́СТ *м* футурист (*футуризмалъул нух ккурав чи*)

ФУТУРИСТИ́ЧЕСКИЙ, -ая,-ое футуризмаялъул(аб); футуристияб

ФУФА́ЙКА *ж* фуфайка (*хьухьараб квасул гурде яги къвал-гьечI*)

ФЫ́РКАТЬ *несов.* 1) *разг. (смеяться)* хъунхъудизе 2) (*с шумом выпускать воздух через ноздри*) пенхъезе, пенхезе

ФЫ́РКНУТЬ *сов.* 1) *однокр. к* **фы́ркать** пунхизе 2) *перен.* гъулгъудизе (*гъорлъанго*), барщаризе

ФЬОРД *м см.* **фио́рд**

ФЮЗЕЛЯ́Ж *м ав.* фюзеляж (*самолеталъул корпус, къали*)

Х

ХАДЖИ́ *нескл.* хIажичи *(хIеж борхун, вуссарав чи)*

ХА́ЖИВА//ТЬ *несов. разг.* хьвадизе; **мы часте́нько к ним ~ли** ниж гьезухъе гIемерго хьвадулаан (щолаан)

ХАКА́С *м* хакасияв, хакасав

ХАКА́СКА *ж* хакасияй, хакасай

ХАКА́ССКИЙ, -ая, -ое хакасазул; **~ язы́к** хакасмацI, хакасазул мацI

ХАКА́СЫ *мн.* хакасал

ХА́КИ 1. *прил. неизм. (о цвете)* цIахIилгIурччинаб **2**. *в знач. сущ. ~ с нескл. (ткань)* ххам (*гьебго кьералъул*)

ХАЛА́Т *м* халгIат; **узбе́кский ~** узбекхалгIат; **до́кторский ~** тохтурасул халгIат; **маскиро́вочный ~** *воен.* гIурччинккараб яги хъахIаб аскариясул гIаба (халгIат)

ХАЛА́ТНО *нареч.* тасамахIго; ракI гьечIого; **~ относи́ться к рабо́те** тIаса-масаго, ракI гьечIого хIалтIизе, хIалтIудехун тIаса-масагояб бербалагьи гьабизе

ХАЛА́ТНОСТЬ *ж* тасамахIлъи, ракIгьечIолъи

ХАЛА́ТН//ЫЙ, -ая, -ое 1) халгIаталъул; **~ая ткань** халгIатал гьарулеб ххам 2) *разг.* тасамахIаб; **~ое отноше́ние к рабо́те** хIалтIуде тасамахIаб бербалагьи

ХАЛВА́ *ж* хIалива, бахъухъ; **оре́ховая ~** цIулакьодул хIалива

ХАЛВО́ВЫЙ, -ая., -ое бахъухъил, хIаливадул

ХАЛИ́Ф *м ист.* халиф (*цебе бусурман улкабазул бищун тIадегIанав хIаким*)

ХАЛИФА́Т *м ист.* халифат (*бетIерлъуда халиф вугеб пачалихъ*)

ХАЛТУ́РА *ж разг.* 1) (*небрежная работа*) тIаса-масаго гьабураб, хашаб хIалтIи 2) (*побочный легкий заработок*) хашаб хIалтIухъ щолеб мухь; аслияб хIалтIиялда тIаде кив-кивниги хIалтIун гIарац балагьи

ХАЛТУ́РИТЬ *несов. разг.* 1) (*небрежно работать*) хашго, тIаса-масаго хIалтIизе 2) (*иметь побочный легкий заработок*) аслияб хIалтIиялда тIаде кив-кивниги хIалтIун, хашаб хIалтIи гьабун гIарац балагьизе

ХАЛТУ́РН//ЫЙ, -ая., -ое хашаб, тIаса-масаго гьабураб; **~ая рабо́та** хашаб, тIаса-масаго гьабураб хIалтIи

ХАЛТУ́РЩИК *м разг.* хашав устар, халтурачи, тIаса-масаго хIалтIи гьабулев чи

ХАМ *м бран.* хIалихьат, намусгьечI, яхIгьечI, адабгьечI

ХАМЕЛЕО́Н *м* 1) *зоол.* хамелеон, ччут (*сверухъ бакIалда релъълъун, тIомол кьер хисулеб*) 2) *перен. (о человеке*) хисардулев, ахIвал-хIалалда рекъон пикру хисулев, гьетIарулев чи; гIондокь гIадав чи

ХАМИ́ТЬ *несов. разг.* хIалихьалъизе, адаб тезе, нич бахъун лъугьине

ХА́МКА *ж бран.* ничгьечI, адабгьечI, намусгьечI

ХА́МСА *ж* хамса (*ччугIа*)

ХА́МСК//ИЙ, -ая, -ое нич бахъараб, хIалихьатаб, адаб тараб; **~ое поведе́ние** нич бахъараб хьвада-чIвади; **~ий тон** хIалихьатаб (адаб тараб) кIалъай, кIалъалеб къагIида

ХА́МСТВО *с* инжитлъи, хIалихьалъи, ничбахъи

ХАН *м ист.* хан, паччахI

ХАНДРА́ *ж* чIалгIен, бизарлъи, ракIчIунти, ракIбечIай

ХАНДРИ́ТЬ *несов.* чIалгIарине, бизарлъизе, ракI чIунтизе; **~ в одиночестве** живго хутIун чIалгIарине, ракI бечIазе

ХАНЖА́ *м, ж* суфичи, рияъчи, кIигьумерчи; рихьдае *щибниги* гьабулев чи

ХА́НЖЕСК//ИЙ, -ая, -ое кIигьумераб, рихьдалаб; **~ое поведе́ние** кIигьумераб гIамал-хасият

ХА́НЖЕСТВО *с* кIигьумерчилъи, рихьдаечилъи

ХА́НСК//ИЙ, -ая, -ое ханасулаб); **~ие зе́мли** ханасул ракьал

ХА́НСТВО *с* ханлъи,ханасул улка-ракь

ХА́НТЫ *мн. нескл.* хантал *(миллат)*

ХАНТЫ́ЙСКИЙ, -ая,-ое хантазул(аб); **~ язы́к** хантмацI (хантазул мацI)

ХА́НША *ж* бика, ханасул лъади

ХА́ОС *м миф.* хаос (*некIсиял греказул маргьабалъ ва пикрабалъ – кинабго жо жуба-гъубан, дунялалъул низам биххи*)

ХАО́С *м (беспорядок)* хIапу-чапур, кутакаб гIадлу гьечIолъи, батIа бахъизе кIолареб куцалъ жуба-гъубай

ХАОТИ́ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое бихха-хочараб, хIапу-чапураб; **~ое движе́ние** бигъараб, хIапу-чапураб багъа-бачари

ХАОТИ́ЧНОСТЬ *ж* бихха-хочи, хIапу-чапурлъи, жуба-гъубай

ХА́ПАТЬ *несов.* 1) *кого-что прост. (хватать)* хапизе, хапун кквезе 2) *что (красть, присваивать*) бикъизе, жиндиргойилан кквезе

ХА́ПНУТЬ *однокр. к* **ха́пать** хапун кквезе

ХАРАКИ́РИ *с нескл.* харакири (*Япониялда самураяз, чохьолъ ханжарги чIван, хвел босулеб куц*)

ХАРА́КТЕР *м* 1) гIамал; **тяжёлый ~** захIматаб, бакIаб гIамал; **челове́к с ~ом** хасаб гIамал бугев чи; гIамаликъав чи 2) (*свойство*) хасият, тIабгI; **~ ме́стности** бакIалъул хасият; **затяжно́й ~ боле́зни** унтул халат бахъунеб хасият ◊ **э́то не в моём ~е** гьеб дир тIабгIалда (хасияталда) данде кколаро

ХАРАКТЕРИЗ//ОВА́ТЬ *сов. и несов. кого-что* 1) (*давать характеристику*) къимат, хараткеристика кьезе; **его́ ~ова́ли с положи́тельной стороны́** гьесие лъикIаб къимат, характеристика кьуна 2) (*составлять отличительную черту*) хасаб тIабгI, хасият букIине; **э́тот посту́пок хорошо́ ~у́ет ма́льчика** гьеб ишалъ васасул лъикIаб хасият бихьизабулеб буго

ХАРАКТЕРИЗОВА́ТЬСЯ *несов. чем* жиндирго хасаб хасият, тIабгI букIине (букIиналъ ватIа вахъизе)

ХАРАКТЕРИ́СТИКА *ж* 1) (*описание отличительных свойств*) характеристика *(лъилниги хасаб тIабгI, хасият-гIамал бихьизаби); ~* **эпо́хи** эпохаялъул характеристика 2) (*официальный документ*) характеристика; **~ с ме́ста рабо́ты** хIалтIулеб бакIалдаса кьураб характеристика

ХАРАКТЕ́РНО *в знач. сказ. безл.* хасиятаб буго; **э́то для него ~** гьеб гъосие хасиятаб буго

ХАРАКТЕ́РН//ЫЙ, -ая,-ое 1) *(типичный)* хасиятаб, тIаби-гIияб; **~ая мане́ра говори́ть** (*жиндиего*) хасиятаб кIалъалеб куц 2) (*отличительный*) хасаб, батIаяб; **~ая черта́** хасаб (батIаяб) тIабгI 3) *иск.* хасаб тайпаялъул, тIабигIат-гIамалалъул; **~ый актёр** хасав, батIияв артист; **~ та́нцы** хасал, цо халкъалъе хасиятал кьурдаби

ХА́РКАТЬ *несов. разг.* аххун тузе, аххту бачIинабизе

ХА́РКНУТЬ *однокр. к* **ха́ркать**

ХАРЧ *см.* **харчи́**

ХАРЧИ́ *мн.* чурпа-лъим, квен-тIех

ХА́ТА *ж* мина *(рекъарухъабазул)* ◊ **моя́ ~ с кра́ю** *погов.* гьеб дир иш гуро (дида хъатIулеб жо гуро)

ХА-ХА-ХА *межд.* гьа-гьа-гьа (*релъанхъиялъул гьаракь*)

ХА́ЯТЬ *несов. кого-что прост. лъилниги-сундулниги* хIакъалъулъ квешаб рагIи абизе, какизе

ХВАЛА́ *ж* рецц; **честь и ~ ему́ за э́то** гьелъухъ рецIги цIарги гьесие

ХВАЛЕ́БН//ЫЙ, -ая, -ое беццараб, рецц-бакъалъул; **~ая пе́сня** рецц-бакъалъул кечI; **~ая реце́нзия** беццараб рецензия

ХВАЛЁНЫЙ, -ая, -ое цIар араб, беццараб; **вот он ваш ~ конь** гьале гъоб нужер цIар араб чу

ХВАЛИ́ТЬ *несов.кого-что* беццизе; **~ за хоро́шую рабо́ту** лъикIаб хIалтIухъ вещцизе; **он ре́дко кого́ хва́лит** гъос къанагIатги щивго вещцуларо

ХВАЛИ´ ТЬСЯ *несов. (живго)* вещцизе; вещцаризе; **хва´лится, что сам все сде́лал** кинабго жинцаго гьабунилан, живго веццулев вуго (вещцарулев вуго)

ХВА́СТАТЬ *несов. разг. см.* **хва́статься**

ХВА́СТАТЬСЯ *несов. кем-чем* вещцаризе, пударизе, чIухIаризе; **~ успе́хами** бергьенлъабаздаса чIухIаризе

ХВАСТЛИ´ ВО *нареч.* пударун, вещцарун

ХВАСТЛИ´ ВОСТЬ *ж* пударухъанлъи, вещцарухъанлъи

ХВАСТЛИ´ ВЫЙ, -ая, -ое пударулев, вещцарулев

ХВАСТОВСТВО́ *с* пудари, вещцари

ХВАСТУ´ Н *м* вещцарухъан, пударухъан

ХВАСТУ́НЬЯ *ж* ещцарухъан, пударухъан

ХВАТ *м разг.* лебалав чи, жигарав чи, жигар бугев чи, речIчIа-регIарав чи

ХВАТА́ТЬ *несов.* 1) *кого-что* хапун босизе (кквезе); **~ за́ руку** хапун квер кквезе; **~ клю́вом** гозоялъ хапун босизе 2) *кого-что разг. (ловить, задержать*) кквезе (*щивниги-щибниги*) 3) *что разг. (приобретатать без разбора*) хъамихъул гьабизе; **~ что попа́ло** кодобе щвараб жо хъамихъул гьабизе 4) *безл. (быть достаточным*) гIезе; **вре́мени не хвата́ет** заман гIоларо; **проду́ктов им хвати´ло то́лько на ме́сяц** гьезие нигIматал гIуна гIицIго моцIие ◊ **~ на лету́** боржунаго кквезе (хехго босизе); **э´ того ещё не хвата́ло!** гьеб камун букIана гьанже!

ХВАТА́//ТЬСЯ *несов. разг.* 1) *за кого-что (браться*) квераз хапун кквезе; **~ться за са́блю** хвалчаде хапизе (вортизе) 2) *за что разг. (приниматься)* гьабизе, жувазе, тIаделъизе *(цинциялде вортун);* **он за все ~ется** гъов кинабго жо гьабизе жувала ◊ **утопа́ющий за соло́мку хвата́ется** *посл.* гьанкъулев суматIеги хапулев

ХВАТИ́ТЬ *сов. кого-что* 1) *см.* **хвата́ть** 1), 4); **хле́ба хва́тит на год** тIощел лъагIалие гIела; **э´ того мне хва́тит на ме́сяц** дие гьаб моцIие гIела 2) *кого-что, чем, кого-что обо что, чем обо что (ударить)* речIчIизе, кьабгIизе, тункизе (*кутакалда*); **~ть кулако́м по́ столу** столалда зар кьабизе; **~ть па´лкой** тIил кьабун биччазе 3) *кого-что* кквезе; **соба́ка ~ла его́ за́ ногу** гьойца гьесул махIу ккуна 4) *чего (испытать, перенести)* хIехьезе, баччизе; **~ть горя** къварилъи хIехьезе 5) *кого-что (поразить)* къан кквезе; собозе; речIчIизе; **моро́зом ~ло посе́вы** рекьарал жалазда цIорой речIчIун буго ◊ **~ть ли´шнего** тIасан кквезе; **~ть че́рез край** гIорхъолъа ине, гIемерлъизе; **хва́тит!** гIела! **с меня´ хва́тит!** гIела, дун живго те!

ХВАТИ´ //ТЬСЯ *сов. кого-что разг.* 1) (*вспомнить о комчём-л. нужном*) танкан ракIалде щвезе; балагьизе вортизе; **~ться ключе́й** кIулал ракIалде щвезе, ралагьизе вортизе 2) (*спохватиться*) тохлъукье ракIалде щвезе (*рекIекьа бикъараб жо*), гъалатI борчIун букIин лъазе; **я сли´ шком по́здно ~лся** цIакъ кватIун гурони дида ракIалде щвечIо (дун рекIетIа ватичIо)

ХВА́ТК//А *ж* 1) (*прием*) *щибниги* босулеб, кколеб куц; иш гьабулеб, хьвада-чIвадулеб къагIида 2) *перен. (умение, ловкость*) бажари, лебаллъи; **он облада́ет делово́й ~ой** ишалъулаб бажари буго гъосул

ХВА́ТКИЙ, -ая, -ое лебалаб, тирияб; речIчIа-регIараб

ХВО́ЙН//ЫЙ, -ая, -ое накIкIил(аб); **~ый лес** накIкIирохь; **~ый запах** накIкIиканалъул махI

ХВОРА́ТЬ *несов. разг.* унтизе, щокълъизе

ХВО́РОСТ *м собир.* 1) (*мелкие сучья*) ракъварал гIодоре гъарал гъотIол, хъарахъалъул гIисинал гIаркьалаби 2) (*печенье*) печенаби (*нахулъ режун рокъор гьарурал*)

ХВОРОСТИ́НА *ж* халатаб, тIеренаб гIаркьел

ХВО́РЫЙ, -ая, -ое *прост.* щокъаб (унтараб); **~ челове́к** щокъав чи

ХВОРЬ *ж прост.* унти, щокълъи, унта-щокълъи

ХВОСТ *м* 1) рачI; **ко́нский ~** чол рачI; **верте́ть ~о́м** *прям. и перен.* рачI хьвагIезабизе, сихIирлъизе; хIелхIедизе; **поджа́ть ~** *прям. и перен.* рачI къазе; 2) (*концевая часть*) нахъисеб рахъ; **~ по́езда** поездалъул рачI 3) *разг. (очередь)* ахиралда; **стоя´ть на ~е́** ахиралда чIезе 4) (*несданный экзамен, зачёт*) кьечIого хутIараб экзамен, зачёт, рачI ◊ **плести´сь в ~е́** нахъа хутIизе, **и в ~ и в гри´ву** бугеб рухIалъ хъамизе, рацIизе

ХВОСТА́ТЫЙ, -ая, -ое рачI бугеб (*керчаб, кIудияб ра-чIалъул*)

ХВО́СТИК *м уменьш. от* **хвост; буква с ~ом** рачI бугеб хIарп

ХВОСТОВО́Й, -а́я, -о́е 1) рачIалъул(аб); **~ плавни´к** рачIалъул милъир 2) (*конечный*) нахъисеб; **~ винт вертолёта** вертолёталъул нахъисеб винт (техтеро); **~ ваго́н** ахирисеб вагон

ХВОЩ *м бот.* гьодгъур (*хъуцIихер*)

ХВОЩО́ВЫЙ, -ая, -ое гьодгъуралъул(аб)

ХВО́Я *ж* 1) накIкIи´, накIкIитIамах 2) *собир. (ветки)* накIкIигъотIол гIаркьалаби; **гирля´нды из хво́и** накIкIигъотIол гIаркьалабазул читIир

ХЕК *м* хек *(ччугIа)*

ХЕ́РЕС *м (сорт крепкого виноградного вина*) херес (*къвакIараб цIолбол чагъир*)

ХЕРУВИ´ М *м религ.* малаик (*христиан диналда рекъон, бищун берцинав, бищун тIадегIанав*)

ХИБА́РКА *ж* мискинаб, хашаб рукъ

ХИ´ ЖИНА *ж* хъошрукъ

ХИ´ ЛОСТЬ *ж разг.* загIиплъи, щокълъи

ХИ´ Л//ЫЙ, -ая, -ое загIипаб, щокъаб; **~ый ребёнок** загIипаб лъимер; **~ое расте́ние** хIаликъаб гъветI-хер

ХИМЕ́РА *ж* 1) *миф. (чудовище)* химера *(некIсиял греказул маргьабалъ:цIа пунхъулеб лъабетIераб издагьо* 2) *книжн (несбыточная мечта*) тIубазе рес гьечIеб гIажаибаб анищ

ХИМИЗА́ЦИЯ *ж* химизация (*химиялъул къагIидаби (методал)ва гьелъул продуктал росдал магIишаталда гIатIидго хIалтIизари*); **~ се́льского хозя´йства** росдал магIишаталда химия-лъул продуктал хIалтIизари

ХИМИ́ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое химиялъул(аб), химияб; **~ая реа́кция** химиялъул реакция; **~ие элеме́нты** химиялъул элементал; **~ая лаборато́рия** химиялъул лаборатория; **~ие удобре́ния** химиялъулал ракь беэн гьабулел жал; **~ая промы´шленность** химиялъул промышленность; **~ая война́** химиялъулаб рагъ ◊ **~ий каранда́ш** гьирмиз къалам; **~ие черни´ла** гьирмиз щакъи (*хъахIилаб щакъи*)

ХИ´ МИК *м* химик (*химиялъул специалист*)

ХИМИКА́ТЫ *мн.* (*ед.* **химика́т** *м*) химикатал (химиялъул продуктал)

ХИ´ МИЯ *ж* 1) химия; **органи´ ческая ~** организмалъулаб (чIагояб) химия; **неорганиче́ская ~** организмалъул гуреб (чIагояб гуреб) химия; **физи´ ческая ~** физикияб химия; **бытова́я ~** рукIа-рахъиналъе, рукъалъе хIажатаб химия 2) *чего (химический состав*) химиялъулаб гIуцIи; **~ не́фти** чIегIер нартил химия (химиялъулаб гIуцIи)

ХИМЧИ´ СТКА *ж* химчистка (химикатаз ретIел-кун бацIцIад гьаби)

ХИ´ НА *ж см.* **хини´ н**

ХИНИ´ Н *м* хьина (*дарман*)

ХИ́НН/ЫЙ, -ая, -ое хьинадул, хьинаялъул(аб); **~ое де́рево** хьинадул гъветI (*гьелъул хъалалъ букIуна хьина*)

ХИРЕ́ТЬ *несов. разг.* хIаликълъизе, щокълъизе; бечIазе (*гъветI-хер*)

ХИРОМА́НТ *м* палихъан (*хъатиниве валагьун букIинесеб къисмат бицунев*)

ХИРОМА́НТИЯ *ж* палихъанлъи (*хъатинире ралагьун, хадусеб къисмат бицин*)

ХИРУ́РГ *м* хирург

ХИРУРГИ́ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое хирургиялъул(аб); **~ая кли´ника** хирургиялъулаб клиника; **~ая сестра́** хирургиялъул сестра (*операциял гьарулеб рокъой хIалтIулей сестра*)

ХИРУРГИ́Я *ж* хирургия (*медициналда: операцияби гьариялъул гIелму; операциял гьарун, унтарал сах гьари*)

ХИТИ́Н *м биол.* хитин (*чIагоял клеткабазул тIомолъ, хъалалъ букIунеб вещество*)

ХИТИ´ НОВЫЙ, -ая, -ое *биол.* хитиналъул(аб)

ХИТРЕ́Ц *м* сихIир, обор

ХИТРЕЦА́, ХИТРИ́НКА *ж разг.* сихIрумахIлъи, макрумахIлъи; **взгляд с хитри´нкой** сихIрумахIаб балагьи

ХИТРИ´ ТЬ *несов.* сихIирлъизе, оборлъизе, цIодорлъизе

ХИ́ТРО *нареч.* 1) сихIирго, оборго; ~ **улыбну́ться** сихIирго гьимизе 2) (*ловко, искусно*) махщалида, сихIирго; ~ **сде́лано** сихIирго (махщалида) гьабун буго

ХИТРОСПЛЕТЕ́НИЕ *с* 1) (*сложное построение*) цоцалъ бесси, сихIирго щущин, херхин 2) (*уловка*) хIилла-макру, си-хIирго, макруго гьабураб иш

ХИ́ТРОСТЬ *ж* 1) (*изворотливость*) сихIирлъи, оборлъи 2) (*изобретательность*) макрулъи, хIиллачилъи ◊ **не велика́** ~ бигьааяб жо

ХИ́ТРЫЙ, -ая, -ое 1) сихIирав, оборав; ~ **челове́к** сихIирав чи; ~ **посту́пок** сихIираб иш; 2) *разг. (изобретательный)* хIилла-макру ургъулев, хIиллаяв, макруяв; ~ **на вся́ кие вы́ думки** сихIирал жал ургъулев 3) *разг. (замысловатый, сложный*) цоцалъ бессараб, сихIирго щу́щараб (гьабураб); ~ **замо́к** сихIирго гьабураб (ричIизе захIматаб) рахай

ХИХИ́ КАНЬЕ *с* (*по гл.* **хихи́кать**) хьи-хьи; гьорлъан релъи

ХИХИ́ КАТЬ *несов.*, гьорлъан релъизе

ХИХИ́ КНУТЬ *однокр. к* **хихи́ кать**

ХИЩЕ́НИЕ *с* цIогь, бикъа-хъами

ХИ́ЩНИК *м* 1) вахIщияб жанавар (*о звере*), чанахъанхIинчI (*о птице*) 2) *перен.* хъамалчи, чияр би цIулев чи 3) *стар.* цIогьор, хъамалчи

ХИ́ЩНИЦА *ж см.* **хи́щник**

ХИ́ЩНИЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое 1) вахIщияб, бидулаб; **~ие инстинкты** вахIщиял тIабгIал, хасиятал 2) (*основанный на притеснении*) талавураб, чияр би цIулеб 3) *перен.* (*бесхозяйственный*); **~ий лов ры́ бы** пана гьабун ччугIа кквей; **~ая вы́ рубка ле́са** пана гьабун рохь гъури, къотIи

ХИ́ЩНИЧЕСТВО *с* 1) (*грабительство*) талавурчилъи 2) (*бесхозяйственность*) хъамихъул гьаби, пана гьаби

ХИ́ЩН//ЫЙ, -ая, -ое 1) вахIшияб; **~ые зве́ри** вахIщиял жанаварал; **~ые пти́ цы** вахIшиял (чанахъанал) хIанчIи; **~ые ры́ бы** вахIшиял (чан гьабулел) ччугIби 2) *перен.* вахIщияб, хъантIараб; ~ **взгляд** вахIщияб (хъантIараб) балагьи; **~ая нату́ра** хъантIараб гIамал (тIабгI)

ХЛАДНОКРО́ВИЕ *с* сабрулъи, виххунгутIи, гIодове виччай; **сохраня́ ть** ~ сабру гьабизе

ХЛАДНОКРОВНЫЙ, -ая, -ое сабруяб, гIодобе биччараб; ~ **челове́к** сабруяв чи; ~ **взгляд** сабруяб бербалагьи

ХЛАМ *м собир.* басралъун хвараб къайи-матахI, пайда гьечIеб жо

ХЛЕБ *м* 1) чед; **чёрный** ~ чIегIераб чед; **бе́лый** ~ хъахIаб чед 2) (*мн.* **~ы**) чадал; **кру́глый** ~ гургинаб чед 3) (*зерно*) тIорщел; **заку́пка ~а** тIорщел бичун боси 4) (*мн.* **~а́**) (*посевы*) хIалухъаби (*тIорода*); **яровы́е ~а** ихдалил хIалухъаби; **ози́мые ~а** хаслихъе хIалухъаби; ~ **на корню́** лъилъичIеб хIалухъен 5) *перен. (средство к существованию)* бетIербахъиялъе жо; **зараба́тывать себе́ на** ~ чадихъ кьезе жо (бетIербахъиялъе жо) балагьизе; **лиши́ ть** *кого-л.* **куска́ ~а** чадил кесекалдаса (*щивниги*) махIрум гьавизе ◊ **хлеб-соль** гьоболлъи; **встреча́ть** *кого́-л.* **~ом-со́лью** чед-цIамгун (*хIурматияб*) дандчIвай гьабизе; **перебива́ться с ~а на квас** мискинаб, язихъаб гIумру гьабизе; **насу́щный** ~ бетIербахъиялъе бищунго чара гьечIеб, гIумруялъе кIвар бугеб жо

ХЛЕБА́ТЬ *несов. что прост.* 1) (*есть, черпая ложкой*) балхъица хузе; ~ **суп** чурпа балхъица хузе 2) (*пить*) ханчIизе; **~чай** чай ханчIизе

ХЛЕ́БНИЦА *ж* чед лъолеб жо

ХЛЕБНУ́ТЬ *сов. однокр. к* **хлеба́ть** ◊ ~ **ли́ шнего** гьекъараб-жо цIикIкIине; ~ **го́ря** гIемераб гIазаб-къварилъи хIехьезе

ХЛЕ́БН//ЫЙ, -ая., -ое 1) чадил, тIощалил; **~ые запа́сы** тIорщалил нахърателал 2) (*служащий для засыпки хлеба*) тIорщалил(аб); **~ый амба́р** тIоршалил амбар, цагъур; 3) (*урожайный*) тIорщалилаб (тIорщел гьарзаяб); **~ый год** тIорщалил сон 4) (*напоминающий хлеб*) чадил гIадаб; ~ **за́пах** чадил гIадаб махI 5) (*приготовленный из хлеба*) чадил гьабураб 6) *перен. разг. (прибыльный)* хайираб, пайдаяб; **~ая до́лжность** хайираб, тIаде жо бачIунеб хъулухъ

ХЛЕБОЗАВО́Д *м* чадил завод

ХЛЕБОЗАГОТОВИ́ТЕЛЬ *м* тIорщалил нахърател гьабулев чи

ХЛЕБОЗАГОТОВИ́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое тIорщалил нахърател гьабулеб; ~ **райо́н** тIорщалил нахърател гьабулеб район

ХЛЕБОЗАГОТО́ВКИ *мн.* тIорщалил нахърател гьаби

ХЛЕБОПА́ШЕСКИЙ, -ая, -ое тIорщел гIезабулеб (бекьулеб)

ХЛЕБОПА́ШЕСТВО *с* хуруххъанлъи, рекьарухъанлъи

ХЛЕБОПА́ШЕЦ *м* векьарухъан, хуруххъан

ХЛЕБОПЁК *м* пекарь, чедбеж (*чадил устар*)

ХЛЕБОПЕКА́РНЫЙ, -ая, -ое чед бежулеб; ~ **заво́д** чед бежулеб завод

ХЛЕБОПЕЧЕ́НИЕ *с* чед бежи

ХЛЕБОПРИЁМНЫЙ, -ая, -ое тIорщел къабул гьабулеб; ~ **пункт** тIорщел къабул гьабулеб пункт

ХЛЕБОПРОИЗВОДЯ́ ЩИЙ, -ая, -ее тIорщел гIезабулеб; ~ **райо́н** тIорщел гIезабулеб район

ХЛЕБОРЕ́ЗКА *ж* чедкъотI, чед къотIулеб алат, чIед къотIулеб нус

ХЛЕБОРО́Б *м* хуруххъан

ХЛЕБОРО́ДН//ЫЙ, -ая, -ое чухIаб, хур бачIунеб; **~ая земля́** чухIаб, хур бачIунеб ракь; **~ый год** хур бачIунеб сон

ХЛЕБОСДА́ЧА *ж* пачалихъалъе тIорщел кьей

ХЛЕБОСО́Л *м* гьоболлъиялъе цIакъав чи

ХЛЕБОСО́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое гьалбал хирияв, гьоболлъиялъе цIакъав

ХЛЕБОСО́ЛЬСТВО *с* гьоболлъи; гьоболлъи гьабизе бокьи

ХЛЕБОТОРГО́ВЕЦ *м* тIорщалил базарган, даранчи (*цадахъго цIикIкIараб къадаралда тIорщел бичулев чи*)

ХЛЕБОТОРГО́ВЛЯ *ж* тIорщалил даран-базар (*цIикIкIараб къадаралда*)

ХЛЕБОТОРГО́В//ЫЙ, -ая, -ое тIорщалил дармил(аб), даран гьабулеб; **~ые организа́ции** тIорщалил дармилал организациял (идараби)

ХЛЕБОУБО́РКА *ж* хIалухъен бакIари (*хуриса*), бачIин бакIари

ХЛЕБОУБО́РОЧН//ЫЙ, -ая, -ое хIалухъен (тIорщел) бакIариялъул(аб); **~ая кампа́ния** хуриса хIалухъен бакIариялъул кампания

ХЛЕВ *м прям., перен.* бокь; **коро́вий** ~ гIачиязул бокь; **здесь настоя́щий** ~ (*очень грязно*) гьаниб тIубараб бокь лъугьун буго (*хъублъиялъ*), кутакалда хъубго буго

ХЛЕСТА́ТЬ *несов.* 1) *кого-что (бить, стегать)* хьопица, чIвантIалъ бацIизе, чIвархи бахъинабизе; ~ **ло́шадь кнуто́м** цIалаца чу бацIизе 2) (*литься*) чвахун, речIчIун базе; **на у́лице хле́щет дождь** къватIиб чвахун балеб буго цIад (чвахунцIад балеб буго)

ХЛЁСТК//ИЙ, -ая, -ое 1) (*сильно бьющий*) чIвархан, хьварцIан кьабулеб; **~ий кнут** чIвархи бахъинабулеб цIал 2) *перен. (резкий)* хIунсулеб; гIужилаб; **~ая речь** хIунсулеб ргIи (калам)

ХЛЕСТНУ́ ТЬ *однокр. к* **хлеста́ть**

ХЛИ́ ПК//ИЙ, -ая, -ое *разг.* 1) (*непрочный*) чIимигIаб, жагъалаб 2) *перен. (хилый)* хIаликъаб, загIипаб; **~ое телосложе́ние** загIипаб чIинчIикъаб) лага-черх 3) лъамияб, карщмахIаб

ХЛОП *межд.* тIвап, чIваркь,дваргъ (*цо жо цогиялда кьабулеб гьарабкь*)

ХЛО́ПАТЬ *несов.* 1) *кого-что чем по чему (ударять)* кьабизе, кIутIизе, кIутI-кIутIизе; ~ **руко́й по плечу́** гъажалда хъат кIутIизе; ~ **дверьми́** нуцIби кьабгIезаризе; ~ **кры́льями** куркьбал кьабгIезаризе; *кому-чему разг. (аплодировать)* хъат кьабизе, чIвазе; ~ **арти́сту** артистасе хъат кьабизе ◊ ~ **глаза́ми** абизе жо лъаларого, хутIизе; къаполев хутIизе (*виххиялъ, гIажаиблъиялъ*)

ХЛО́ПАТЬСЯ *несов. разг.* 1) (*падать*) тIвапан бахъине (*бортун ун*) 2) (*ударяться*) кьабгIизе, тункизе (*жибго*)

ХЛОПКОВО́Д *м* квасквас (пама) гIезабиялъул специалист

ХЛОПКОВО́ДСТВО *с* квасквас гIезаби

ХЛОПКОВО́ДЧЕСКИЙ, -ая, -ое квасквас гIезабулеб; ~ **райо́н** квасквас гIезабулеб район

ХЛО́ПКОВ//ЫЙ, -ая, -ое квасквасул; **~ые семена́** квасквасул хьон; **~ое ма́сло** квасквасул хьодол нах

ХЛОПКОКОМБА́ЙН *м* квасквас бакIарулеб комбайн

ХЛОПКООЧИСТИ́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое квасквас (пама) бацIцIад гьабулеб; ~ **заво́д** квасквас бацIцIад гьабулеб завод

ХЛОПКООЧИ́СТКА *ж* кваскъвас бацIцIад гьаби

ХЛОПКОПРЯДЕ́НИЕ *с* кваскъвасул кун дургъи

ХЛОПКОПРЯДИ́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое кваскъвасул кун дургъулеб; **~ая маши́на** кваскъвасул кун дургъулеб машина

ХЛОПКОРО́Б *м* кваскъвас гIезабулев чи

ХЛОПКОСЕ́ЮЩИЙ, -ая, -ее кваскъвас бекьулеб; **~ колхо́з** кваскъвас бекьулеб колхоз

ХЛОПКОСЕ́ЯНИЕ *с* кваскъвас бекьи

ХЛОПКОУБО́РКА *ж* кваскъвас бакIари

ХЛОПКОУБО́РОЧН//ЫЙ, -ая, -ое кваскъвас бакIарулеб; **~ая маши́на** кваскъвас бакIарулеб машина

ХЛО́ПНУТЬ *однокр. к* **хло́пать; ~ по плечу́** гъажалда кIутIизе; **~ две́рью** нуцIа кьабизабизе

ХЛО́ПНУТЬСЯ *однокр. к* **хло́паться; ~ на́ пол** чIарбида тIвапан бахъине

ХЛО́ПОК *м* кваскъвас (пама)

ХЛОП//О́К *м* 1) чIваркь, дваргъ, кьвагь 2) *мн.* **~ки́** (*аплодисменты*) хъат чIвалеб гьаракь; лъедераб хъатIчIвай

ХЛОПОТА́ТЬ *несов.* 1) (*усердно заниматься чем-л.*) тIадчIун *щибниги* хIалтIи гьабизе; **~ по хозя́йству** тIад чIун магIишаталъул агъаз гьабизе 2) *о чём (добиваться чего-л.*) щвезе тIалаб гьабизе; **~ об о́тпуске** отпуск тIалаб гьабизе 3) *о ком, за кого* кумек (квербакъи) щвеялъе кIалъазе; **~ за дру́га** гьудуласе кумек (квербакъи) гьабеян кIалъазе

ХЛОПОТЛИ́ВЫЙ, -ая, -ое хIалхьи лъаларев, квалквадулев вукIунев; **~ челове́к** хьалхьи лъаларев инсан 2) (*о деле*) гьийинаб, тIалаб-агъаз гIемераб иш (хIалтIи, хъулухъ); захIматаб, квалквалаб, авара бугеб

ХЛО́ПОТНО *разг. в знач. сказ.* хIалтIи гIемерлъун буго, вортанхъизе кколев вуго

ХЛО́ПОТНЫЙ, -ая, -ое *см.* **хлопотли́вый 2**

ХЛО́ПОТЫ *мн.* тIалаб-агъаз; **~ по до́му** рукъалъул тIалаб-агъаз; **не сто́ит хлопо́т** тIалаб-агъаз гьабизе ккараб жо гуро; **у него́ мно́го хлопо́т** гъосул тIалаб-агъаз гьабизе жо гIемерлъун буго

ХЛОПУ́ШКА *ж* 1) (*для уничтожения мух*) тIутIал чIвалеб жо 2) (*игрушка*) кьвагьеро

ХЛОПЧА́ТНИК *м бот.* кваскъвасул хIуби-хъарахъ (*бижун хIобода бугеб пама*)

ХЛОПЧАТОБУМА́ЖН//ЫЙ, -ая, -ое кваскъвасул(аб); кваскъвас къачIалеб; **~ая промы́шленность** кваскъвасул ххам гьабулеб, дургъулеб промышленность; **~ая ткань** кваскъвасул ххам

ХЛО́ПЬЯ *мн.* 1) (*клочья*) тIутIурал керчал кескал, микIсал; хIулаби; **снег па́дает ~ми** гIазу хIулаби гIадин балеб буго 2) (*раздробленные зерна как пищевой продукт*): **кукуру́зные ~** гъурун тепизабураб цIоросаролъ

ХЛОР *м* хлор (*хим. элемент, газ*)

ХЛОРИ́РОВАНИЕ *с* (*по гл.* **хлори́ровать**) хлор гьорлъе биччай (*зараличл микробал чIвазе*)

ХЛОРИ́РОВАНН//ЫЙ, -ая, -ое хлор биччараб (жубараб); **~ая вода́** хлор жубараб лъим

ХЛОРИ́РОВАТЬ *сов. и несов.* гьорлъе хлор жубазе (биччазе) **~ во́ду** лъелъе хлор биччазе

ХЛО́РИСТЫЙ, -ая, -ое хлор гьорлъ бугеб; **~ ка́лий** кванил цIам

ХЛО́РН//ЫЙ, -ая, -ое хлоралъул, хлор жубараб; **~ая кислота́** хлорияб кислота; **~ая и́звесть** хлор жубараб гач

ХЛОРОФИ́ЛЛ *м бот.* хлорофилл (*гъветI-хералъул гIурччинаб кьер лъугьинабулеб вещество*)

ХЛОРОФИЛЛОВ//ЫЙ, -ая, -ое хлорофиллалъул(аб); **~ые зёрна** хлорофиллалъулал гIурччинал мугьал

ХЛОРОФО́РМ *м* хлороформ *(наркозалъе (кIотинаризе) хIалтIизабулеб гьуинккараб кьер гьечIеб лъамалъи*)

ХЛЫ́НУ//ТЬ 1) чвахун базе, речIчIизе; **~л дождь** цIад речIчIана 2) чвахизе, чвахун, бачIине; **слёзы ~ли у неё из глаз** гъолъул бадиса магIу чвахана; **вода́ ~ла в дом** лъим рокъобе кIанцIана (чвахана) 3) *перен. разг. (устремиться)* цойидасан лъугьине, гьун-чIван ине; **лю́ди ~ли туда́** гIадамал гьун-чIван ана доре

ХЛЫСТ *м* 1) (*прут*) чIвантI, хьоп 2) (*кнут, плётка*) цIал, хьухьараб цIал 3) *спец. (ствол*) харулеб, жемулеб гъветI-хералъул хIуби (гIарщ)

ХЛЫ́СТИК *м уменьш. от* **хлыст 1,2**

ХЛЮ́ПАНЬЕ *с* (*по гл.* **хлю́пать**) чапи-чванки

ХЛЮ́ПАТЬ *несов. разг.* 1) чапи-чванки бахъинабизе; **~ по гря́зи** чванкиялда хIарщулъан ине 2) *прост. (плакать)* синкъиялда гIодизе

ХЛЮ́ПИК *м разг.* загIипав, таваккал гьечIев чи

ХЛЮ́ПКИЙ, -ая, -ое *разг.* 1) (*жидкий*) лъамияб, рекIарунеб, чIанкIолеб 2) *перен. (хилый, слабый)* загIипаб, хIаликъаб, чIинчIикъаб

ХЛЯ́СТИК *м* рачелкъай (*пальтоялда, шинелалда мугъаб рахъалда рачлие букъулеб яги балеб гьебго ххамил къокъаб рачел*)

ХМ *межд.* гьиъ

ХМЕЛОВО́Д *м* хумелег гIезабулев чи

ХМЕЛОВО́ДСТВО *с* хумелег гIезаби

ХМЕЛОВО́ДЧЕСКИЙ, -ая, -ое хумелег гIезабулеб; **~ колхо́з** хумелег гIезабулеб колхоз

ХМЕЛ//ЁК *м:* **быть под ~ьком** кеплъун вукIине

ХМЕЛЕ́ТЬ *несов.* мехтизе, кеплъизе

ХМЕЛЬ *м* **1**. (*растение*) хомелег **2.** *(опьянение)* мехти, кеплъи; **во ~ю** мехтун (вукIаго), мехталикье

ХМЕЛЬН//О́Й, -а́я, -о́е **1.** 1) *(пьяный)* мехтарав, кеплъарав; **~ые ре́чи** мехтарасул калам (гаргар) 2) *(алкогольный, пьянящий)* мехталилаб, кеплъизарулеб; **~ой напи́ток** кеплъизарулеб гьекъолеб жо **2.** *в знач. сущ.* гьекъел, гьекъолеб жо

ХМУ́РИТЬ *несов. что* букIкIинабизе; **~ лоб** нодо букIкIинабизе *(ургъулелъул, рахIат хвейгун, цIин бахъунелъул)*

ХМУ́РИТЬСЯ *несов.* 1) (*о человеке*) вигъине, гъваниллъизе, гIунцизе, кьерхине 2) *(о небе, о погоде)* накIкI лъезе, кьерхине, гьава бигьине; **день с са́мого утра́ ~тся** радалалдаса нахъего къо кьерхун буго

ХМУ́РОСТЬ *ж* бигьин, кьерхин

ХМУ́РЫЙ, -ая, -ое 1) гIунцарав, кьерхарав, вигъарав, гъванилав; **~ челове́к** гIунцарав, гъванилав чи 2) (*пасмурный*) кьерхараб, накIкIилаб; **~ день** накIкIилаб, кьерхараб къо

ХНА *ж* бил; **кра́сить во́лосы хной** бил лъезе (рас билалъ белъине)

ХНЫ́КАНЬЕ *с* I (*по гл.* **хны́кать**) синкъди

ХНЫ́//КАТЬ *несов. разг.* 1) (*плакать*) синкъдизе, муччулукълъизе; **ребёнок ~чет** лъимер синкъдулеб буго 2) *перен. (жаловаться*) зигардизе, зурзудизе

ХО́БОТ *м зоол.* сунтIур *(халатаб мегIер); ~* **слона́** пилалъул сунтIур

ХОБОТО́К *м* (*у насекомого*) тIинаб сунтIур (*кIкIараялъул*)

ХОД *м* 1) (*движение*) ин, рилълъин, хьвади; **~ по́езда** поездалъул хьвади; **~ по́ршня** поршеналъул хьвади; **~ часо́в** сагIтил хьвади; **ти́хий ~** хьадараб (хьачIаб) рилълъин; **за́дний ~** нахъехун ин 2) *перен. (развитие)* ин, цебетIей; **~ борьбы́** къеркьеялъул ин 3) (*вход*) кIалтIу, рагьу; **~ со двора́** кIалтIу азбаралъусан буго; **потайно́й ~** балъгояб рагьу; **~ы́ сообще́ния** хандакъазул цоцазде нухал 4) (*в игре*) ин, хIаялъул ирга; **~ конём** чуялъ ин (хIай) (*шахматазул хIаялда*) ◊ **на ~у́** а) (*во время движения*) унаго б) (*наскоро*) гIедегIалихъе; **быть в ходу́** (*о товаре и т.п.*) лъикI бичун ине, бегун хутIунгутIизе; **э́та кни́га в большо́м ~у** гьаб тIехь гIемераз босула, бегун хутIуларо; **пусти́ть в ~** хIалтIизе биччазе; **пусти́ть в ~ все сре́дства** киналго ресаздаса пайда босизе; **дать ~ де́лу** ишалъе нух рагьизе; **ему́ не даю́т ~а** гьесие нух къалеб буго (гьесул иш цебе тIезе биччалеб гьечIо); **с ~у** бачIинахъего, циндаго, чIечIого

ХОДА́ТАЙ *м* 1) (*заступник*) *лъилниги* мурад цIунун, гьесул иш билълъанхъизабизе хьвадулев чи 2) *уст. (доверенное лицо*) вакил, защитник, божилъи гьабурав чи

ХОДА́ТАЙСТВО *с* хъулухъалъулаб гьари; хIакимасул рахъалъан гьари-тIалаб хъвараб документ; **удовлетвори́ть ~** гьари къабул гьабизе

ХОДАТА́ЙСТВОВАТЬ *несов. о ком-чем, за кого-что* гьаризе, тIалаб гьабизе; **~ пе́ред судо́м** судалда цебесан гьаризе

ХО́ДИКИ *мн. разг.* рахсица хIалтIизабулеб сагIат

ХОДИ́ТЬ *несов.* 1) хьвадизе; **~ по у́лицам** къватIазда хьвадизе; **~ по магази́нам** тукабазде хьвадизе(ине); **~ босико́м** хIатIида гIицIго хьвадизе 2) (*посещать*) ине, хьвадизе; **~ в шко́лу** школалде ине (хьвадизе); **~ на ле́кции** лекциязде хьвадизе; **он хо́дит к нам** гъов нижехъе вачIуна 3) *в чём (носить)* ретIун хьвадизе; **~ в шу́бе** хъабчилъ хьвадизе 4) (*о поездах, пароходах*) хьва-

дизе; **поезда́ хо́дят по расписа́нию** поездал, расписаниялда рекъон, хьвадула 5) (*о часах*) хIалтIизе; **часы́ хо́дят хорошо́** сагIат лъикI хIалтIула 6) (*в игре*) хIазе; **~ с ко́зыря** уменалъ хIазе (ине) 7) *за кем-чем (ухаживать)* хадур хьвадизе, хадур чIун, тIалаб-агъаз гьабизе 8) *разг. (о деньгах)* хьвадизе ◊ **хо́дят слу́хи** харбал тIиритIун руго; **~ вокру́г да о́коло** чIванкъотIун абизе кIолаго гаргади; **~ по́ миру** гьардухъ ине

ХО́ДК//ИЙ, -ая, -ое *разг.* 1) (*часто употребляемый*) гIемер хIалтIизабулеб; **~ое выраже́ние** кIалдиб хIалаб ргаIи (калам) 2) (*имеющий большой спрос*) хехго бичун унеб 3) (*быстроходный*) хехаб; **~ое су́дно** хехаб гама; **~ий конь** хехаб чу

ХОДОВ//О́Й, -ая, -ое хIалтIул, билъльиналъул; **~ы́е ка́чества автомаши́ны** автомашинаялъул хIалтIун бажариялъул даража 2) *тех.* хьвадизабулеб, билъльинабулеб, хIалтIула(б); **~ое колесо́** билъльинабулеб (хIалтIулаб) гьоко; **~о́й винт** хIалтIулаб раква 3) *разг. (имеющий наибольший спрос*) хехго бичун унеб; **~о́й разме́р о́буви** хехго ричун унел размералъул хьитал 4) (*часто употребляемый*) гIемер хIалтIизабулеб; **~ы́е слова́** гIемер хIалтIизарулел (абулел) ргаIаби

ХОДО́К *м* 1) (*пешеход*) лъелав чи; **хоро́ший ~** лъелго хьвадизе цIакъав чи 2) *уст. (выборный представитель)* жамагIаталъул вакил, витIунчи (*тIадкъайгун витIулев чи*)

ХОДУ́ Л//И *мн.* (*ед.* **~я** *ж)* газгазал; **ходи́ ть на ~ях** газгазазда хьвадизе

ХОДУ́ Н *м:* **пол ~о́м хо́дит** чIабар гьанкIолеб, щванкIолеб буго

ХОДЬБА́ *ж* хьвади, рилъльанхъи; **уста́л от ~ы́** рилъльан-хъун (хьвадун) свакана; **в пяти́ мину́тах ~ы́** рилъльанхъун щуго минуталде толеб (*нух*)

ХОДЯ́Ч//ИЙ, -ая, -ее 1) вилъльанхъулев, хьвадулев; **~ий больно́й** вилъльине (хьвадизе) кIолев унтарав 2) (*распространённый*) гIемер хIалтIизабун, чIалгIараб, бутIараб, бизарлъараб; **~ее выраже́ние** бизарлъараб калам, аби ◊ **~ая энциклопе́дия** гIемер жо лъалев чи

ХОЖДЕ́НИЕ *с* хьвади ◊ **име́ть ~** (*напр. о деньгах)* гIарац хьвади, хIалтIизабулеб букIин; **~ по му́кам** гIемераб къварилъи бихьи

ХОЖУ́ , хо́дишь *и т.д. наст. от* **ходи́ ть**

ХОЗРАСЧЁТ *м* хозрасчет (*жиндирго хайиралъ жибго хьихьулеб къагIидаялъ магIишат гIуцIи*); **перевести́ цех на ~** цех хозрасчеталде бачине

ХОЗРАСЧЁТН//ЫЙ, -ая, -ое хозрасчёталъул(аб); **~ое хозя́йство** хозрасчёталъулаб магIишат

ХОЗЯ́ИН *м* (*мн.* **хозя́ева**) 1) (*собственник, владелец*) хважайин, бетIергьан(чи); **~ кварти́ры** квартираялъул хважайин; **~ кни́ги** тIехьалъул бетIергьан 2) (*ведущий хозяйство*) магIишат бачунев чи 3) (*глава дома, семьи*) рукъалъул, хъизаналъул бетIер; **~ и го́сти** рукъалъул бетIерги гьалбалги 4) (*тот, кто имеет власть над кем-л.*) хважайин (*жиндаго т*Iад *тарав хIакимасде хитIаб гьабун, абулеб)*; **~и рабо́тник** хважайинги хIалтIухъанги 5) *перен. (распорядитель)* ишалъул, сурсатазул тIубараб ихтияр кодосев чи 6) *разг. (муж)* рос 7) *разг. (обращение взрослому мужчине)* хважайин (*ригь арав бихьинчиясдехун хитIаб гьабун*) ◊ **быть ~ом своего́ сло́ва** жинца кьураб ргаIи кквезе, ргаIул бетIер-гьанлъун вукIине; **сам себе́ ~** живго жиндаго чIарав, бокьухъе ву-кIине ихтияр бугев чи

ХОЗЯ́ ЙКА *ж* 1) (*собственница, владелица*) бетIергьанчIужу, хозяйка; **я ~ э́ того иму́щества** дун гьаб буголъиялъул бетIергьан йиго 2) (*ведущая хозяйство*) магIишат бачуней чIужу 3) (*глава семьи, дома*) рукъалъул, хъизаналъул бетIер 4) *перен. (распорядительница*) иш кодосей, тIубан сурсатал жиндир ихтияралда ругей чIужу 5) *разг. (жена*) лъади

ХОЗЯ́ЙНИЧАТЬ *несов.* 1) (*вести хозяйство*) магIишат гьабизе 2) (*распоряжаться*) гьикъичIого чияр бакIалда хважа-йинлъи гьабизе; **~ в чужо́м до́ме, как в своём** жиндирго бакIалда гIадин, чияр рокъоб хважаинлъи гьабизе

ХОЗЯ́ ЙСК//ИЙ, -ая, -ое 1) хважайинасул, бетIергьанчиясул; **~ий дом** хважайинасул рукъ 2) (*внимательный, заботливый*) магIишатияв, тохалав; **тут тре́буется ~ий глаз** гьаниб магIишатияб бербалагьи хIажатаб буго 3) (*властный*) кьварараб, буюрулеб; **сказа́ть** *что-л.* **~им то́ном** кьварараб гьаркьидалъун (*щиб бугониги*) абизе

ХОЗЯ́ЙСТВЕННИК *м* магIишатияв нухмалъулев, цо идараялъул магIишатияб рахъ бачунев чи

ХОЗЯ́ ЙСТВЕННОСТЬ *ж* магIишатчилъи, магIишат бачине махшел букIин

ХОЗЯ́ЙСТВЕНН//ЫЙ, -ая, -ое 1) магIишатияб, магIишаталъул; **~ые успе́хи** магIишатиял бергьенлъаби 2) (*расчётливый*) магIишат бачине лъалев; **~ый челове́к** (магIишатияв) магIишат бачине лъалев чи 3) (*рациональный, безубыточный*) хайираб, пайдаяб; цIуна-къараб; **~ое по́льзование землёй** ракьалдаса цIуна-къан пайда боси (хайираб къагIидаялъ ракь хIалтIизаби) 4) (*служащий для ведения хозяйства*) магIишаталъе бугеб, хIажалъулеб; **~ый инвента́рь** магIишаталъе хIажалъулеб мал, гьирс, инвентарь ◊ **~ое мы́ ло** черолеб сапун

ХОЗЯ́ ЙСТВО *с в разн. знач.* магIишат; **наро́дное ~** халкъияб магIишат; **единоли́ чное ~** цо чи бетIергьанаб магIишат; **се́льское ~** росдал магIишат; **коллекти́ вное ~** гIаммаб магIишат; **дома́шнее ~** рукъалъул магIишат; **занима́ться дома́шним ~м** рукъалъул магIишаталда квалквадизе, тIалаб-агъаз гьабизе (гьабулев ву-кIине)

ХОЗЯ́ЙСТВОВАНИЕ *с* магIишат гьаби; **ме́тоды ~я** магIишат бачунел къагIидаби

ХОЗЯ́ ЙСТВОВАТЬ *несов.* магIишать гьабизе (бачине)

ХОККЕИ́ СТ *м* хоккеист (хоккей хIалев чи)

ХОККЕ́Й *м* хоккей; **~ на льду́** цIерда хоккей; **~ на траве́** гIурдада хоккей; **~ с ша́йбой** шайбагун хоккей; **~ с мячо́м** торгIогун (хIалеб) хоккей

ХОККЕ́ЙН//ЫЙ, -ая. -ое хоккеялъул(аб); **~ая кома́нда** хоккеялъул команда

ХО́ЛЕН//ЫЙ, -ая, -ое гогь гьабун, хьихьараб; тIад чIун бацIцIад цIунараб; **~ые ру́ки** рацIцIадго цIунарал кверал; **~ый конь** гогь гьабун, хьихьараб чу

ХОЛЕ́РА *ж мед.* вабаъ

ХОЛЕ́РН//ЫЙ, -ая., -ое **1.** вабаалъул(аб); **~ое заболева́ние** вабаалъул унти; **~ая эпиде́мия** вабаалъул унти тIибитIи **2.** *в знач. сущ. ~ м* вабаалъ унтарав

ХОЛЕЦИСТИ́ Т *м мед.* ццидалкъвачIа хьордой (унти)

ХО́ЛИТЬ *несов. кого-что* беэдун хьихьизе, сундаго хъвазе течIого, хъулухъ гьабизе, цулъизабизе; кIудияб кIвар кьун, тIад чIун, *лъилниги-сундулниги* тIалаб-агъаз гьабизе

ХО́ЛКА *ж* жал; горбогьод

ХОЛЛ *м* хIалхьи гьабулеб рукъ (*театралда, гостиницаялда*)

ХОЛМ *м* гохI

ХО́ЛМИК *уменьш. от* **холм**

ХОЛМИ́СТ//ЫЙ, -ая, -ое гохIахараб, гохIал ругеб; **~ая ме́стность** гохIахараб бакI

ХО́ЛОД *м* 1) квач; **дрожа́ть от ~а** квачан сорозе; **наступи́ л ~** квач кIанцIана; **де́сять гра́дусов ~а** анцIго градусалъул квач 2) *перен. (безразличие)* ургъел гьечIолъи ◊ **терпе́ть и ~, и го́лод** ракъиги квачги кIехьезе (гIемераб гIазаб-гIакъуба хIехьезе)

ХОЛОДА́ТЬ *несов. безл.* квачазе лъугьине; **начина́ет ~** квачазе лъугьунеб, байбихьулеб буго

ХОЛОДЕ́//ТЬ *несов.* квачазе, цIорозе; **ру́ки ~ют** кверал квачалел руго; **~ет** *безл.* квачазе рекIана ◊ **~ть от у́жаса** хIин-къиялъул кутакалъ цIоро-гъорон хутIизе

ХОЛОДЕ́Ц *м разг. см.* **сту́день**

ХОЛОДИ́ ЛЬНИК *м* 1) холодильник; **дома́шний ~** рокъоб лъолеб холодильник; 2) *тех. (охлаждающее устройство*): **вагон-~** вагон-холодильник

ХОЛОДИ́ ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое цIорозабулеб; **~ая аппарату́ра** цIорозабулеб аппаратура; **~ая установка** цIорозабулеб машина; **~ое обору́дование** цIорозабияльe хIажатал машинаби, приборал, къайи

ХОЛОДИ́ ТЬ *несов.* 1) *что (охлаждать)* цIорозабизе, квачазабизе 2) *кого-что (производить ощущение холода*) гьогьомизабизе; **мя́та холоди́т во рту** сагIница кIалдиб гьогьен ккезабула (кIал гьогьомизабула) 3) *кого-что перен. (приводить в состояние оцепенения*) цIоро-гъорозабизе, собо-годозабизе; **у́жас холоди́т се́рдце** кутакалда хIинкъиялъ ракI цIоро-гъорозабулеб буго

ХО́ЛОДНО 1. *нареч. (бесстрасно, равнодушно)* гIунцадго, тIаса-масаго; **~ относи́ться** *к кому-л.* тIаса-масагояб бербалагьи гьабизе (*лъидехун бугониги*) **2.** *в знач. сказ. безл. (о холодной погоде)* квачан буго; **сего́дня ~** жакъа квачан буго; **мне ~** дун квачалев вуго ◊ **ему́ от э́ того ни ~ ни жа́рко** гьелдасан гьесие я цIа гуро, я цIер гуро (*гьеб гьесда хъатIулеб жо гуро, гьесие гьелъул ургъел гьечIо, батIалъи гьечIо*)

ХОЛОДНОКРО́ВН//ЫЙ, -ая, -ое *зоол.* : **~ые живо́тные** би цIоророл рухIчIаголъаби (*ччугIа, борохъ ва гь. ц.)*

ХОЛО́ДН//ЫЙ, -ая, -ое 1) цIорораб, квачараб: **~ая вода́** цIорораб лъим; **~ая о́сень** цIорораб (квачараб) хасалихълъи; **~ый ве́тер** цIорораб гьури; **~ый пол** цIорораб чIабар; **~ый суп** цIорораб чурпа; **~ая ко́мната** квачараб рукъ; **~ое пальто́** цIорораб, хинлъизаруларе6, квач кколареб пальто 2) *перен. (равнодушный, бесстрастный)* цIорораб, тIаса-масагояб 3) *перен. (невыразительный, бледный)* свараб, кьерукъаб; **~ые кра́ски** кьерукъал релъаби ◊ **~ая заку́ска** цIорораб дандежо (*закуска*); **~ое ору́жие** кьвагъуларе6 ярагъ (*тункулеб, къотIулеб ярагъ*); **~ая война́** цIорораб рагъ, рагъуе къеркьолеб политика, цоги пачалихъалда данде буссараб тушманаб политика

ХОЛОД//О́К *м* 1) *разг.* гьогьен, дагьабго квач; **у́тренний ~о́к** рогьалил гьогьен; **сиде́ть в ~ке́** гьогьмада гIодов чIезе 2) (*озноб*) гьаргъар; **~ок пробежа́л по спине́** мугъзадаса гьоркье гьаргъар бана 3) *перен.* гьогьен; **в их отноше́ниях появи́лся ~о́к** гьезда гьоркьоб гьогьен ккана

ХОЛОДОУСТО́ЙЧИВОСТЬ *ж* ква́чхIехьей

ХОЛОДОУСТО́ЙЧИВ//ЫЙ, -ая, -ое квач хIехьолеб; **~ые сорта́ пшени́ цы** ролъул квач хIехьолел сортал, тайпаби

ХОЛО́П *м* 1) *ист.* (*раб*) лагъ, ргIиятчи 2) *уст. (слуга)* цеветел

ХОЛОСТИ́ ТЬ *несов. кого* балъ гьабизе, сверизе, цIирхъвалъизабизе; **~ быка́** бугъа сверизе (хIорлъизабизе)

ХОЛОСТ//О́Й, -ая, -ое 1) (*неженатый*) лъади ячинчIев 2) жанив чи гьечIеб, чIобогояб; **~а́я кварти́ра** чIобогояб рукъ; **~а́я жизнь** лъади (рос) гьечIеб гIумру 2) *тех.* чIалгIадисеб; **~о́й ход маши́ны** машинадул чIалгIадесеб хIалтIи 3) *воен.* гулла гьечIеб; **~о́й патро́н** гулла гьечIеб патрон

ХОЛОСТЯ́ К *м* болозан, лъади ячинчIев чи; **ста́рый ~** херав болозан (*киданиги лъади ячинчIого херлъулев вугев чи*)

ХОЛОСТЯ́ ЦКИЙ, -ая., -ое болозанасул(аб) (янгъизчиясул)

ХОЛОЩЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **холости́ ть**) све́ри, цIирхъвалъизаби; балъ гьаби; **~ ло́шади** барти цIирхъвалъизаби, бартуе балъ гьаби

ХОЛОЩЁНЫЙ, -ая, -ое балъ гьабураб, сверараб, цIирхъвалъараб; **~ бык** сверараб бугъа

ХОЛСТ *м* 1) (*ткань*) хIебет, хIебтил ххам 2) *жив. (картина)* сурат бахъизе рамкаялда тIаде цIараб хIебтил ххам; релъабаз хIебтида бахъараб сурат

ХОЛСТИ́ Н//А *ж* хIебет; **мешо́к из ~ы** хIебтил таргъа (къандалъо)

ХОЛУ́ Й *м* 1) *уст.* цеветел 2) *перен.* хIелхIелдач, хIелхIелчи

ХОЛЩО́В//ЫЙ, -ая, -ое хIебтил; **~ые штаны́** хIебтил тIажу

ХОМУ́Т *м* 1) хомут 2) *перен.* жиндаго тIаде босараб бакIаб иш, ургъел-гIазаб; **наде́ть на себя́ (пове́сить на себя́ , пове́сить себе́ на ше́ю) хому́т** жиндаго тIаде бакIаб иш, ургъел босизе 3) *тех.* хому́т, гор (*щулалъиялъе тIамулеб*)

ХОМЯ́ К *м зоол.* гIанхвара

ХОМЯ́ Ч//ИЙ, -ья, -ье гIанхрил(аб); **~ья но́рка** гIанхрил каратI

ХОР *м* хор (*цадахъ рекъон ахIулеб кечI, бачунеб бакъан*); **мужско́й ~** бихьиназул хор

ХОРВА́Т *м* хорватав

ХОРВА́ТКА *ж* хорватай

ХОРВА́ТСКИЙ, -ая., -ое хорватазул; **~ язы́к** хорватазул (хорват) мацI

ХОРВА́ТЫ *мн.* хорватал

ХО́РДА *ж мат.* хорда

ХОРЕ́Й *м лит.* хорей (*кочIол цо роцен*)

ХОРЁК *м зоол.* гиш; гишил цIоко

ХОРЕОГРАФИ́ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое хореографиялъул(аб); **~ая шко́ла** хореографиялъул школа

ХОРЕОГРА́ФИЯ *ж* хореография (кьурдул искусство)

ХОРИ́ СТ *м* хоралъул гIахьалчи *(артист)*

ХОРИ́ СТКА *ж* хоралъул гIахьалчIужу *(артистка)*

ХОРМЕ́ЙСТР *м* хормейстр (*хор бачунев чи, хоралъул дирижёр*)

ХОРОВО́Д *м* хоровод (*цоцазул квералги ккун, гор гьабун, кьурди ва кечI ахIи*)

ХОРОВО́ДН//ЫЙ, -ая, -ое хороводалъул(аб); **ру́сские ~ые пе́сни** хоровод гьабун ахIулел гIурус кучIдул

ХОРОВ//О́Й, -áя, -óе хоралъул(аб); **~ое пе́ние** хоралда кечI ахIи; **~о́й кружо́к** хоралъул кружок

ХО́РОМ *нареч.* хоралда, цадахъ; **петь ~** хоралда (цадахъ) ахIизе

ХОРО́МЫ *мн. разг. (обширный дом)* кIудияб, чIухIараб мина

ХОРОНИ́ ТЬ *несов. кого-что* 1) (*передавать земле*) букъизе (*ракьулъ*); **~ уме́рших** хварал рукъизе 2) *перен. (передавать забвению)* кIочон тезе; **~ ста́рые обы́чаи** некIсиял гIадатал кIочон тезе ◊ **~ концы́** бахчизе, гIуж-лъалкI тIагIинабизе

ХОРОНИ́ ТЬСЯ *несов. прост. (прятаться)* вахчизе (*балъгояб бакIалда*)

ХОРО́ШЕНЬКИЙ, -ая, -ое гьайбатаб, цIакъаб, дахIалаб; **~ая де́вушка** гьайбатай яс ◊ **~ое де́ло** (*ирон.*) цIакъаб иш (ккун буго)

ХОРОШЕ́НЬКО *нареч. разг.* лъикIго; **я ещё и сам ~ не зна́ю** дидагогицин жеги лъикIго, лъикIаб хIалалъ лъаларо

ХОРОШЕ́//ТЬ *несов.* берцинлъизе, гьайбатлъизе, беричлъизе; **она́ с ка́ждым днём ~ет** гъой къо бахъанагIан берцинлъулей (беричлъулей) йиго

ХОРО́Ш//ИЙ, -ая, -ое 1) лъикIаб, цIакъаб; **~ая кни́ жка** лъикIаб тIехь; **~ая пе́сня** лъикIаб кечI; **~ее сукно́** лъикIаб исхъали; **~ий сове́т** лъикIаб гIакълу; **он ~ий специали́ст** гъов лъикIав специалист вуго 2) (*красивый*) гьайбатаб, беричаб; **она́ ~а́ собо́й** гъой гьайбатай жо йиго 3) (*близкий, интимный*) ракI жубарав, лъикIго лъалев; **~ий знако́мый** лъикIго лъалев чи 4) *разг. (достаточно большой)* гIураб, лъикIаланго цIикIкIараб; **~ие проце́нты** гIурал процентал; **у него́ ~ий рост** гъосул гIураб лага-черх буго 5) *разг. в сочет. со словом «мой»* гьайбатаб, лъикIаб, цIа-къаб; **мой ~ий** дир цIакъав; **моя́ ~ая** дир гьайбатай 2. *в знач. сущ.* **~ее** *с* лъикIаб жо; **что ~его?** лъикIаб жо щиб бугеб? **ничего́ ~его из э́ того не вы́ йдет** лъикIаб жо гьелдасан лъугьинаро, ккеларо ◊ **всего ~его!** къо-мех лъикI! (лъикIго рукIа),лъикIабщинаб гьарула!

ХОРОШО́ 1. *нареч.* лъикI **он ~ рабо́тает** гъов лъикI хIал-тIула; **о нём ~ отзыва́ются** лъикIав чи вугилан бицуна гъосул хIакъалъулъ 2. *в знач. сказ. безл.* лъикI (буго); **мне здесь ~** дие гьаниб лъикI буго; **~, что он придёт сего́дня** лъикI ккун буго, жакъа гъов вачIунев вукIин; **о́чень ~!** цIакъ лъикI!; **вот ~!** гьалеха лъикI ккана! **~ бы́ ло бы пойти́ туда́** добе анани лъикI букIинаан 3. *в знач. сущ. с нескл. (оценка)* хорошо (ункъилаб); **поставить ~** хорошо (ункъилаб) лъезе 4. *в знач. вводн. сл. (допустим)* лъикI буго, лъикIин тезин 5. *в знач. частицы* 1) *утв. (да, согласен, ладно)* лъикIха, бегьулаха, лъикI буго, букIа абе; **ты придёшь? – хорошо́, приду́** мун вачIинищ? – лъикI буго, вачIина 2) *разг. (как угроза – так, запомни)* ракIалда букIа! лъикI буго **~! я э́того не забу́ду!** лъикI буго! дида гьеб кIоченаро!

ХОРЬ *м см.* **хорёк**

ХОРЬКО́В//ЫЙ, -ая, -ое гишил; **~ая шку́ра** гишил цIоко

ХОТЕ́НИЕ *с* бокьи, мурад

ХОТ//ЕТЬ *несов. чего, кого-что, кого-чего и с неопр. в разн. знач.* бокьизе; **он не хо́чет спать** гъосие кьижизе бокьун гьечIо; **~еть пить** гьекъезе бокьизе; **~еть учи́ться** лъай босизе (цIалдезе) бокьизе; **он то́лько что ~ел идти́ к вам** ахIанже нужехъе ине бокьун букIана гъосие; **хочу́ домо́й** рокъобе бокьун буго; **что вы э́тим ~и́те сказа́ть?** щиб нужее гьелдалъун абизе бокьараб? **он никого́ слу́шать не хо́чет** лъихъниги гIенеккизе бокьун гьечIо гъосие; ◊ **~е́л бы я посмотре́ть** цо балагьизе бокьилаан дие; **хо́чешь не хо́чешь** бокьаниги бокьичIониги; **как ~и́те** нужеего бокьухъе; **~е́л бы я ви́деть** бихьизе бокьилаан дие; **~е́л бы я знать** лъазе бокьилаан дие

ХОТЕ́ТЬСЯ *несов. чего безл.* бокьизе; **мне хо́чется побыва́ть там** дие бокьун буго дове щвезе; **ему́ хо́чется пить** гъосие лъим гьекъезе бокьун буго; **мне бо́льше ничего́ не хо́чется** дие тIокIаб щибниги бокьун гьечIо

ХОТЬ 1. *союз. уступ.* 1) (*несмотря на то, что, даже, если*) букIаниги, -гIаги, -ниги, хIатта; **он ~ и стар, но здоро́в** гъов, хер-

лъун вукIаниги, сах вуго 2) (*в составе устойчивых выражений со сказуемым*) -ниги; ~ **убéй, ничегó не скажý** нужеца чIваниги, щибниги бицинаро, абиларо **2.** *частица* 1) *усил. (даже)* -цин; **пойдý ~ сейчáс** (бокьани) гьабсагIатцин ина 2) *усил. (по крайне мере)* -гIаги; **скажи́ те ~ однó слóво** цохIо рагIигIаги абе 3) (*к примеру, например)* -ниги; **иссле́дуем ~ э́ то де́ло** гьаб ишалъулниги цIех-рех гьабизин 4) *с мест. (любой)* букIаниги; ~ **кто** щив вукIаниги; ~ **что** щиб букIаниги ◊ ~ **бы и так** гьедин гIаги букIарабани

ХОТЯ́ *союз* 1) *см.* **хоть; он придёт, ~ емý нéкогда** регIел гьечIониги, гъов вачIине вуго 2) *против. разг. (однако, но)* -ниги; **он учи́лся хорошó, ~ чáсто болéл** чанцIулго унтаниги, гъов лъикI цIадулев вукIана ◊ **он кóнчит рабóту, ~ бы емý пришлóсь просидéть ночь** сордо борчIизе кканиги, гъос хIалтIи лъугIизабила; **приходи́те ~ бы на час** сагIат базегIаги вачIа; ~ **бы и так** гьединг Iаги букIарабани

ХОХЛА́ТКА *ж* гъалухIинчI, гъалугIанкIу

ХОХЛА́Т//ЫЙ, -ая, -ое (*о курице*) гъалакояб, гъалуяб; **~ая ку́рица** гъалуяб гIанкIу

ХÓХЛИТЬСЯ *несов. (о птице)* хъацазе (*хIулиги хучизабун, бетIерги жанибе цIан чIезе*)

ХОХÓЛ *м (у птиц)* гъалу, гъалако

ХОХОЛÓК *м уменьш. от* **хохóл**

ХÓХОТ *м* гIагIади (хъуялда релъанхъи), кIудияб релъи

ХОХОТÁТЬ *несов.* гIагIадизе (хъуялда релъанхъизе); кIудияб релъи гьабизе; ~ **до упáду** гIодор ккезегIан релъанхъизе; ~ **до слез** магIу кIанцIизегIан гIагIадизе (релъанхъизе)

ХОХОТУ́ Н *м разг.* гIемер велъанхъулев (гIагIадулев) чи

ХОХОТÚНЬЯ, ХОХОТÚШКА *ж* гIемер елъанхъулей гIадан

ХОЧУ́ , хóчешь *и т.д. наст. от* **хотéть**

ХРАБРЕ́Ц *м* бахIарчи

ХРАБРИ́ ТЬСЯ *несов.* кьвакIун чIезе, бахIарчи гIадин чIезе

ХРÁБРО *нареч.* бахIарчилъиялда; ~ **сражáться** батIарчилъиялда вагъизе

ХРÁБРОСТ//Ь *ж* бахIарчилъи; **беззавéтная** ~ гIорхъолъа араб бахIарчилъи ◊ **набрáться ~и** яхI-махI гьабизе; **для ~и** тавакказ гIезе, яхI речIчIизе

ХРÁБР//ЫЙ, -ая, -ое бахIарчияв, бер къаларев, къвакIарав; **~ый вóин** бахIарчияв рагъухъан ◊ **не из ~ого деся́тка** цIукIамахIав, хIинкъуч, хIинкъарав, бахIарчилъи гьечIев (*бахIарзазда гъорлъ рикIкIунарев*)

ХРАМ *м (здание)* кIалгIа (*жиндир хIурмат цIикIкIараб)*; ◊ ~ **нáуки** гIелмудал кIалгIа

ХРАНÉНИ//Е *с* (*по гл.* **храни́ть**) цIуни; **отдáть (сдать) багáж на ~е** багаж цIунизе кьезе; **кáмера ~я [багажа]** багаж цIунулеб рукъ

ХРАНИ́ ЛИЩЕ *с щибниги* цIунизе бараб бакI; ~ **книг** тIахьал цIунулеб бакI (рукъ); ~ **овощéй** овощал цIунулеб бакI

ХРАНИ́Й ТЕЛЬ *м щибниги* цIунизе тарав чи; ~ **тайн** балъголъаби цIунулев чи; ~ **рýкописей** квералъ хъварал тIахьал *ва ц.* цIунулев чи; ~ **предáний** биценел, цересел къисаби лъалев чи (рекIелъ цIунарав чи)

ХРАНИ́ ТЕЛЬНИЦА *ж щибниги* цIунулей гIадан

ХРАНИ́Й ТЬ *несов.* 1) *что* цIунизе; ~ **дéньги в сберегáтельной кáссе** гIарац сберкассалда цIунизе; ~ *что-л.* **в тáйне** балъго цIунизе (*щиб бугониги*); ~ *что-л.* **в чистотé** (*щибниги жо*) бацIцIадго цIунизе; ~ *что-л.* **в холóдном мéсте** цIорораб бакIалда цIунизе (*щибниги жо*); ~ *что-л.* **в пáмяти** рекIелъ цIунизе (*щибниги жо*) 2) *кого-что (беречь)* цIунизе; ~ **как зени́цу óка** ясбер гIадин цIунизе; ~ **тради́ции** гIадатал цIунизе 3): ~ **гóрдый вид** чIухIа-кьулун вукIине; ~ **молчáние** вуцIцIун чIезе

ХРАНИ́Й ТЬСЯ *несов.* цIунун букIине; **дéньги храня́тся в бáнке** гIарац цIунула банкалда; **докумéнты храня́ тся мнóго лет** документал цIунула гIемерал соназ

ХРАП *м* 1) (*во сне*) хъванхъвади 2) (*часть переносицы у животных*) сунтIур (*хIайваналъул*)

ХРАПÉТЬ *несов* 1) (*во сне*) хъванхъвадизе 2) (*о животных*) пенхезе

ХРАПОВИ́ К *м тех.* храповик (*цо рахъалдехун гурони хенолареб, цоцалъе риччарал чархазул механизм*)

ХРЕБ//ÉТ *м* 1) *анат. (позвоночник*) гьод, гьодимокъ 2) *прост. (спина)* мугъ 3) (*горная цепь*) бал, цо рахъалдехун руссарал, хадур-цере ругел мугIрузул мухъ, рахас ◊ **он всё вы́ нес на своём ~тé** гъос кинабго жинцаго баччана,хIехьана

ХРЕН *м (корень)* хрен (*хрен хералъул кванилъ хIалтIизабулеб кIал бухIулеб кьибил*) ◊ **ста́рый** ~ херав гIамаликъ; ~ **ре́дьки не сла́ще** хрен талганалдаса гьуинаб букIунареб (гьесдаса лъикIав гьавги гьечIевин)

ХРЕСТОМÁТИЯ *ж* хрестоматия

ХРИП *м* 1) херхери, хъирхъири 2) *мн.* **~ы** *мед.* херхери, гьаракь гъвари; **~ы в лёгких** гьуърулъ бугеб херхери

ХРИПÉНИЕ *с* (*по гл.* **хрипéть**) хъирхъири, херхери, гьаракь гъвари

ХРИПÉТЬ *несов.* 1) (*издавать хриплые звуки*) херхери, хъирхъири бахъине 2) *разг. (хрипло говорить)* гъварун (гъван-гъваниялда) кIалъазе

ХРИ́ ПЛО *нареч.* гъварун, хъирхъириялда, херхериялда

ХРИ́ПЛ//ЫЙ, -ая, -ое гъварараб; **говори́ть ~ым гóлосом** гъварараб гьаракьалъ кIалъазе

ХРИ́ ПНУТЬ *несов.* гьаракь къине, гъваризе

ХРИПОТ//Á *ж* гьаракь къин, херхери, хIерхIери; **говори́ть до ~ты́** гьаракь къинегIан кIалъазе

ХРИСТИАНИ́ Н *м* христианав, насранияв

ХРИСТИÁНКА *ж* христианай, насранияй

ХРИСТИÁНСК//ИЙ, -ая, -ое христианазул(аб); **~ая рели́гия** христианазул (христиан) дин; **по ~ому летосчисле́нию** христианазул соназул хIисаб гьабулеб системаялда рекъон

ХРИСТИÁНСТВО *с* 1) (*религия*) христиан дин (ГIисал дин) 2) *собир.* христианал (*киналго*)

ХРИСТÓСОВАТЬСЯ *несов.* лъабцIул тIатIала баизе (*диниял христианаз кIалбиччай баркулеб къагIида*)

ХРОМ *м* 1) хром (*хим. элемент, металл*) 2) (*кожа*) хурум 3) (*краска*) тIогьилаб лажбар

ХРОМÁ//ТЬ *несов.* 1) рекъдизе, рекълъизе; **~ть на лéвую нóгу** квегIаб хIатIида рекълъизе 2) *перен. разг.* хIалтIи-пиша галадизе; **у негó ~ет орфогра́фия** гьосул битIунхъвай галадулеб буго; **де́ло ~ет** иш галадулеб буго ◊ **~ть на óбе ноги́** кIийиде рекъдизе (*сундулъниги гIемерал гIунгутIаби рукIине*)

ХРОМИ́РОВАНИЕ *с тех.* (*по гл.* **хроми́ровать**) хром биччай; ~ **посýды** цIарагIалде хром биччай

ХРОМИ́ РОВАННЫЙ, -ая, -ое тIаде хром биччараб

ХРОМИ́ РОВАТЬ *сов. и несов. что тех.* хром биччазе; хромалъул цIамалъ цIоко-тIом къачIазе; ~ **детáли маши́ ны** машинаялъул алатазде хром биччазе

ХРОМИРÓВОЧНЫЙ, -ая, -ое *тех.* хром биччалеб; ~ **цех** хром биччалеб цех

ХРÓМОВ//ЫЙ, -ая, -ое 1) *хим.* хромалъул(аб); **~ая кислотá** хромалъулаб кислота; **~ая сталь** хром гъорлъ бугеб чаран 2) (*о коже*) хурумалъул; **~ые сапоги́** хурумалъул чакмаби

ХРОМ//ÓЙ, -áя, -óе 1. рекъав; **~áя ногá** рекъаб бох 2. *в знач. сущ.* **~óй** *м* рекъав

ХРОМОЛИТОГРÁФИЯ *ж полиг.* хромолитография (*гIемер кьеразулал суратал басмаялде рахъи*)

ХРОМОНÓГИЙ, -ая, -ое хIетIе рекъаб, бох рекъаб

ХРОМОНÓЖКА *ж разг.* рекъай яс, рекъай гIадан (бохдулрекъ)

ХРОМОСÓМА *ж биол.* хромосома *(жиндилъ ирсияв вещество бугеб рухIчIаголъабазул ва рижарал жалазул клеткаялъул ядроялъул бутIа)*

ХРОМОТÁ *ж* рекълъи́

ХРОМОТИ́ ПИЯ *ж полигр.* хромотипия (*гIемер кьеразулаб басма*)

ХРÓНИК *м разг. (хронический больной*) гIемераб механалъ унтарав чи

ХРÓНИКА *ж* 1) *ист. (летопись)* хроника (*тарихиял лъугьабахъинал тартибалда хъвай*) 2) *лит.* хроника (*социалиял лъугьа-бахъиназул бицунеб литературияб асар*) 3) (*рассказ о текущих событиях*) лъугьа-бахъиназул баянал рахъараб газеталъул бутIа 4) *(кино)* гьанжесеб жамгIияб гIумруялъул бицунеб документалияб кино

ХРОНИКА́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое хроникияб; ~ **фильм** хроникияб кино

ХРОНИКЁР *м* хроникёр (*хроника хъвалев газеталъул мухбир*)

ХРОНИ́ЧЕСК//ИЙ, -ая., -ое халат бахъараб, чIамучIаб, даимаб (*унти*); **~ое заболева́ние** халат бахъараб, тIасаго унареб унти

ХРОНОЛОГИ́ЧЕСК//ИЙ, -ая,-ое хронологияб (*заманалъул тартибалда хъвараб*); **~ие да́ты** заманалъул хронологияб сияхI

ХРОНОЛО́ГИЯ *ж* хронология (*заманалъул тартиб цIунараб тарихиял лъугьа-бахъиназул сияхI, тартибалда тарихияб заманалъул бицунеб гIелму);* ~ **ру́сской исто́рии** гIурус тарихалъул хронология

ХРОНО́МЕТР *м* сагIат (*цIакъго мухIканго хIалтIулеб*)

ХРОНОМЕТРА́Ж *м* хронометраж (*щибниги жо гьабулаго гьелда тIад унеб заман борцун чIезаби*)

ХРОНОМЕТРАЖИ́СТ *м* хронометражист (*хронометражалъул специалист*), хронометраж гьабулев чи

ХРОНОМЕТРА́ЖН//ЫЙ, -ая, -ое хронометражалъул(аб); **~ые рабо́ты** хронометражалъул хIалтIаби

ХРОНОМЕТРИ́РОВАТЬ *сов. и несов. что* хронометраж гьабизе; ~ **рабо́чий день** хIалтIул къоялъул хронометраж бахъизе (гьабизе)

ХРОНОМЕТРИ́ЧЕСК//ИЙ, -ая.-ое хронометрияб (*цадахъ босулеб цIакъго мухIканаб сагIтица борцараб*); **~ое определе́ние вре́мени** хронометралъун кумекалдалъун битIараб заман чIезаби

ХРУ́ПК//ИЙ, -ая, -ое 1) (*ломкий*) хехго бекулеб, чIимигIаб; **~ое стекло́** хехго бекулеб цIер 2) *перен. (болезненный)* загIипаб,унтараб; ; **~ий ребёнок** загIинаб лъимер; **~ая де́вушка** загIипай яс

ХРУ́ПКОСТЬ *ж* 1) (*ломкость*) хехго беки, гьурун ин 2) *перен. (болезненность)* хIаликълъи, загIиплъи

ХРУСТ *м* чIваркьи, кьирщи, кьваркьи-гьваркьи, гьварцIи; ~ **ве́ток** гIаркьалабазул чIваркьи; ~ **сне́га** гIазул кьирщи

ХРУСТА́ЛИК *м анат.* хрусталик (*ясбералъул бакъулъ букIунеб понцIораб тIепало гIадаб тIанкI)*

ХРУСТА́ЛЬ *м* 1) (*стекло*) хрусталь (*хирияб бацIцIадаб цIер*) 2) *собир. (изделия, посуда*) хрусталалъул цIарагI ◊ **го́рный хруста́ль** цIакъго бацIцIадаб гвангъараб хрусталь

ХРУСТА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое 1) хрусталалъул(аб); хрусталалъул къайи гьабулеб; **~ый заво́д** хрусталалъул завод; 2) (*о посуде*) хрусталалъул; **~ая ва́за** хрусталалъул ваза 3) *перен.* бацIцIадаб, роцIараб; **~ый во́здух** цIакъго бацIцIадаб гьава

ХРУСТЕ́//ТЬ *несов.* 1) (*издавать хруст*) чIваркьезе, чIваркьи-гьваркьи бахъине 2) кьирщи, гьванцIи бахъине; **арбу́з ~л под ножо́м** носоца къотIулелъул хъарпузалъул гьванцIи бахъунеб букIана; **снег ~л под нога́ми** хIатIакь гIазул кьирщи бахъунеб букIана

ХРУ́СТНУТЬ *однокр. к* **хрусте́ть**

ХРУСТЯ́ЩИЙ, -ая, -ее кьерщолеб, гьварцIи бахъунеб

ХРЮ́КАНЬЕ *с* хъункIди (*болъоназул*)

ХРЮ́КАТЬ *несов. (о свинье)* хъункIдизе (*болъон*)

ХРЮ́КНУТЬ *однокр. к* **хрю́кать**

ХРЯК *м с.-х.* бихьинболъон

ХРЯЩ *м анат.* цIил

ХРЯЩЕВ//О́Й, -а́я, -о́е цIилилаб; **~ы́е ры́бы** цIилилал чугIби (*цIил гуроні, ракьа гьечIел*)

ХУДЕ́Е *сравн. ст. к* **худо́й**[1]

ХУ́ДЕНЬКИЙ, -ая, -ое хIалакъаб, къадараб; ~ **ма́льчик** хIалакъав вас

ХУДЕ́ТЬ *несов.* хIалакълъизе

ХУ́Д//О[1] *с разг.* квешлъи; **он никому́ не де́лает ~а** гъос лъиениги квешлъи гьабуларо

ХУ́ДО[2] **1.** *нареч.* квеш, квешго; **э́то мо́жет ко́нчиться** ~ гьалъул ахир квеш ккезе бегьула 2. *в знач. сказ. кому-чему:* **больно́му ста́ло** ~ унтарав квеш лъугьана

ХУДОБА́ *ж (худощавость)* хIалакълъи, тIеренлъи; **боле́зненная** ~ унтулаб хIалакълъи

ХУДО́ЖЕСТВЕННОСТЬ *ж* сипатлъи, образлъи, асаралъул тIадегIанаб даража; эстетикияб асар гьабун бажари

ХУДО́ЖЕСТВЕНН//ЫЙ, -ая, -ое художествияб; **~ый руководи́тель теа́тра** театралъул художествияв руководитель; **~ое произведе́ние** художествияб асар; **~ый вкус** художествияб бичIчIи; **~ая вы́ ставка** художествияб выставка; **~ая гимна́стика** художествияв гимнастика; **~ый фильм** художествияб фильм

ХУДО́ЖЕСТВО *с* 1) *уст. (искусство)* художество (*суратал рахъиялъул махщелчилъи*); **акаде́мия худо́жеств** художествоя-лъул академия 2) *разг. (проделка)* къухьаб иш, сурукъаб пиша

ХУДО́ЖНИК *м* 1) (*живописец*) художник *(квералъ суратал рахъулев чи)* 2) (*работник искусства*) художник *(искусствоялъул махщелчи)* 3) *перен.* тIадегIанав устар; **он ~ своего́ де́ла** гьев жиндирго ишалъул машгьурав устар вуго

ХУДО́ЖНИЦА *ж* художница

ХУД//О́Й[1], -а́я, -о́е (*тощий*) хIалакъаб; **~о́й челове́к** хIалакъав чи; **~ые ру́ки** хIалакъал (тIеренал) кверал

ХУД//О́Й[2], -ая, -ое 1) (*плохой*) квешаб; **~ая сла́ва** квешаб цIар ин; **~о́й мир лу́чше до́брой ссо́ры** *посл.* лъикIаб дагIбакъецалдаса къадараб рекъел лъикIаб 2) *разг. (изношенный*) басралъараб, багъ-багъараб, къадараб; **~ы́е сапоги́** (басралъарал) рагъ-рагъарал чакмаби; **~о́е ведро́** багъараб ведро ◊ **на ~о́й конец** квеш хутIаниян, щиб кканигиян; **не говоря́ ~о́го сло́ва** къадараб рагIи абичIого

ХУДОСО́ЧНЫЙ, -ая,-ое хIалакъаб, рухIдакъаб, азараб, чехIаб (*истощенный*); загIипаб, тIеренаб (*о растительности*)

ХУДОЩА́ВЫЙ, -ая, -ое хIалакъккараб, тIеренккараб; ~ **челове́к** хIалакъккарав чи

ХУ́ДШ//ИЙ, -ая, -ее 1. *превосх. ст. к* **плохо́й; в ~ем слу́чае** цIакъго квеш ккананн 2. *в знач. сущ.* **~ее** *с* цIакъго квешаб; **пригото́виться к ху́дшему** дагьабги (цIакъго) квешалде хIадурлъизе

ХУ́ЖЕ *сравн. ст. к* **плохо́й, худо́й**[2] *и нареч.* **пло́хо, ху́до**[2] дагьабги квешаб, дагьабги къадараб, жеги квешго, жеги къадарго; **э́ то ~** гьаб дагьабги квешаб буго; **он игра́ет ~ сестры́** гъос яцалдасаги квеш хIалеб (бачунеб) буго; **тем ~** гьединали жеги квеш ккола; дагьабги квеш ккола

ХУЛА́ *ж уст. (осуждение, порицание)* хьами

ХУЛИГА́Н *м* хулиган

ХУЛИГА́НИТЬ *несов.* хулиганлъи гьабизе

ХУЛИГА́НКА *ж* хулиганка

ХУЛИГА́НСК//ИЙ, -ая, -ое хулиганияб; **~ая вы́ходка** хулиганияб иш

ХУЛИГА́НСТВО *с* хулиганлъи

ХУЛИГАНЬЁ *с собир. разг.* хулиганал

ХУЛИ́ТЕ//ЛЬ *м (тот, кто кого-л. хулит)* хьандеро, хьандолев чи

ХУЛИ́ТЬ *несов. кого-что* хьамизе, какизе, назаб чIвазе

ХУ́НТА *ж* хунта (1 *Испаниялда, Латиназул Америкаялда батIи-батIиял политикиял гIуцIабазда, къокъабазда, цолъабазда цIар;* 2 *рагъулаб чIвадарухъанлъиялъулаб, питначилъиялъулаб къокъа*)

ХУРА́Л *м* хурал (М*онголиялда бищун тараб хIукумат, тIадегIанабги бакIалъулабги*)

ХУРМА́ *ж* 1) (*плод*) хурма 2) (*дерево*) хурмадул гъветI

ХУ́ТОР *м* кули

ХУТОРСК//О́Й, -ая, -о́е колол(аб) ~**и́е постро́йки** колол ралел бакIал, колотIа ругел рукъзал

ХУТОРЯ́НИН *м* колол чи, колотIасев; колол бетIергьан

Ц

ЦАП *межд. в знач. сказ. прост.* хапана, хапун ккуна

ЦА́ПА//ТЬ *несов. кого-что прост.* 1) *сунданиги* хъвазе, базе, лъуризе; **дверь ~ет пол** нуцIа чIабаралда лъурула 2) квачI базе, хапизе, хапун кквезе *(квераз, цабзаз, малъаз)*

ЦА́ПАТЬСЯ *несов. прост.* 1) хапун кквезе (*квераз, цабзаз, малъаз*) 2) *перен.* къацандизе, дагIбадизе, къел кквезе; рогьрагъине, семизе, хьандезе; ~ **из-за пустяко́в** гьадингояб жо сабаблъун къацандизе (хьандезе, рогьрагъине)

ЦА́ПЛЯ *ж* хьуцIичIороло

ЦА́ПНУТЬ *однокр. к* **ца́пать**

ЦАП-ЦАРА́П *межд. в знач. сказ. разг.* кIутIун (хапун) босана, бахъана; къан ккуна

ЦАРА́ПА//ТЬ *несов.* 1) *кого-что и без доп.* хъарсизе, хъарс-хъарсун базе; **~ть зе́ркало** матIу хъарсизе; **ко́шка ~ет ру́ки** катица кверал хъарсулел руго; **перо́ ~ет бума́гу** пероялъ кагъат хъарсулеб буго 2) *перен.* гIанлъун гIужал гьаризе 3) *перен. что и*

без доп. разг. (плохо писать) махшел гьечIого хъвазе, квешго (хашго) хъвазе

ЦАРА́ПА//ТЬСЯ *несов.* 1) (*наносить царапины*) хъарсезе; **ко́шка ~ется** кето хъарсола 2) (*скрестись*) хъвагIадизе, хъвагIадун гьаркьал рахъинаризе; **мышь ~ется под по́лом** гIункIкI чIабаралда гъоркь хъвагIадулеб буго (хъвагIадун гьаркьал рахъинарулел руго) 3) *перен.* дагIбадизе (рогьрал разе)

ЦАРА́ПИНА *ж* хъарси, хъарсараб бакI, хъарсун гьабураб гIуж

ЦАРА́ПНУТЬ *однокр. к* **цара́пать**

ЦАРЕ́ВИЧ *м* пачаясул (падишагьасул) вас

ЦАРЕ́ВНА *ж* пачаясул (падишагьасул) яс

ЦАРЕДВО́РЕЦ *м уст.* пачаясул кIалгIаялда хъулухъалда вугев чи

ЦАРЕУБИ́ЙЦА *м, ж* пача (падишагь) чIварав чи

ЦАРИ́ЗМ *м* царизм, пачаясулаб (падишагьасулаб) режим, гIуцIи

ЦАРИ́ //ТЬ *несов.* 1) *уст. (царствовать)* пачалъи (падишагьлъи) гьабизе 2) *перен.* гъорлъ тIерхьине, букIине; ханлъи гьабизе; **ску́ка ~ла в его́ до́ме** чIалгIеналъ ханлъи гьабун букIана гьесул рокъоб; **~ть над все́ми** киназдаго тIад ханлъи гьабизе

ЦАРИ́ЦА *ж* 1) *ж* пача-чIужугIадан, падишагь-чIужугIадан 2) (*жена царя)* пачаясул (падишагьасул) чIужу (лъади) 3) *перен.* **пехо́та – ~ поле́й** лъелаб аскар – рагъул майданалъул хан

ЦА́РСК//ИЙ, -ая, -ое 1) пачаясул(аб), падишагьасул(аб); **~ий режи́м** пачаясул низам (режим); **~ое прави́тельство** пачаясул хIукумат ◊ **~ая во́дка** *хим.* царская водка (*азоталъул ва солянияб кислотабазул жубай); ~***ие врата́*** килисаялъул иконал рараб къадал гьоркьохъел нуцIби

ЦА́РСТВЕНН/ЫЙ, -ая, -ое чIухIараб, гьайбатаб, цIакъ къачIараб; **~ая похо́дка** чIухIараб рилъгьин

ЦА́РСТВО *с* 1) (*государство*) пачалихъ 2) (*царствование*) пачалъи, падишагьлъи 3) *перен.* гIалам, *сунцаниги* ханлъи гьабураб бакI; **расти́тельное** ~ хурдузул дуниял; **живо́тное** ~ хIайваназул дуниял; ~ **ве́чного хо́лода** кидаго (даимго) цIорораб бакI (дуниял) ◊ ~ **со́нное** киналгоги кьижун, гIодобе биччараб, сихIкъотIараб заман

ЦА́РСТВОВАНИЕ *с* пачалъи (падишагьлъи) гьабураб заман; ~ **Петра́ Пе́рвого** Петр ТIоцевесес пачалъи гьабураб заман

ЦА́РСТВОВА//ТЬ *несов.* 1) пачалъи (падишагьлъи) гьабизе, пачалъун (падишагьлъун) вукIине 2) *перен.* букIине, ханлъи гьабизе; **глубо́кое молча́ние ~ло круго́м** гьваридаб сихIкъотIи букIана сверухъе (сихкъотIиялъ квершел гьабун букIана)

ЦАР//Ь *м* 1) пача, падишагь 2) *перен. кого-чего* бищун бергьараб (кIудияб, къуватаб) жо, хан, пача; **лев – ~ь звере́й** гьалбацI – гIалхул хIайваназул хан ◊ **без ~я в голове́** ахIмакъав (гIантав) вуго; **при ~е Горо́хе** цIакъго цебе заманалда

ЦАХУ́РЕЦ *м* цIахурав

ЦАХУ́РКА *ж* цIахурай

ЦАХУ́РСКИЙ, -ая, -ое цIахуразул; ~ **язы́к** цIахуразул мацI

ЦАХУ́РЦЫ *мн.* цIахурал

ЦА́ЦА *ж разг.* чIухIдарулев, гIамал кIудияв, жив цIа-къавлъун вихьулев, гIадамазе лазатбахъи гьабулев чи

ЦА́ЦКАТЬСЯ *несов. с кем-чем прост.* гогьдаризавизе; *лъилниги* цIакъго кIудияб хIурмат гьабизе

ЦВЕ//СТИ́ *несов.* 1) тIегьазе; **я́ блоня ~тет** гIечугъветI тIегьалеб буго 2) *перен. чем и без доп.*: **~сти́ здоро́вьем** чорхолъ сахго вукIине 3) *перен. (преуспевать*)бергьенлъиялда цебе тIезе, тIегьа-зе 4) тIад хен чIвазе; **пруд ~тёт** хIоралда тIад хен чIвалеб буго

ЦВЕТ[1] *м* (*мн.* **~а**) кьер; **кра́сный** ~ багIараб кьер; **си́ний** ~ хъахIилаб кьер; **тёмные ~á** бецIал кьерал ◊ **в ~е** кьер бугеб, батIибатIияб кьер бугеб

ЦВЕТ[2] *м* 1) *собир. (цветки*) тIегь; **я́ блоневый** ~ гIечугъотIол тIегь; **ли́повый** ~ гьадил гъотIол тIегь 2) (*мн.* **~ы́**) (*пора цветения*) тIегьалеб гIуж; **я́блоня в ~ý** гIечугъветI тIегьалеб гIуж 3) *чего перен. высок. (лучшая часть чего-л.) сундулниги* лъикIаб бутIа; ~ **молодёжи** гIолилазул лъикIаб бутIа ◊ **дать** ~ тIегьазе; **в ~е лет** гIолохъанлъуда, гIолохъанаб, гIакълу-лъай цIубараб мехалъ

ЦВЕТА́СТ//ЫЙ, -ая, -ое *разг.* чараб, батIи-батIияб кьералъул, кьер батIи-батIияб; **~ая шаль** чараб (батIи-батIияб кьералъул) кIаз (шал)

ЦВЕТЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **цвести́**) 1) тIегьай 2) хен чIвай

ЦВЕТИ́СТЫЙ, ая, -ое 1) тIугьдул гIемераб; ~ **луг** тIугьдул гIемераб мечI 2) чараб, чара-гъараб, батIи-батIияб кьералъул, кьер-кьераб релъадул; ~ **ковёр** чараб (батIи-батIияб кьералъул) халича 3) *перен.* тIокIборчIун къачIараб, ккколелдаса цIикIкIун дахIал гьабураб; ~ **слог** цIакъго дахIал гьабураб калам

ЦВЕ́ТИК *м уменьш.-ласк.* тIегь

ЦВЕТНИ́К *м* тIугьдул чIараб бакI, тIогьол (тIугьдузул) бахча

ЦВЕТН//О́Й, -ая, -ое 1) кьер гьабураб (бугеб), батIи-батIиял кьерал ругеб *(хъахIабги чIегIерабги гуреб);* чараб; **~о́й шелковый плато́к** чараб (батIи-батIияб кьер бугеб) гормендо 2) (*о людях*) кьер бугев; **~о́е населе́ние** хъахIаб рáсаялъул гуреб халкъ ◊ **~а́я капу́ста** кьер бугеб капуста; **~ы́ е мета́ллы** батIи-батIиял кьерал ругел металлал; **~о́й фильм** кьер бугеб фильм

ЦВЕТОВО́Д *м* тIугьдул гIезарулев хIалтIухъан (специалист)

ЦВЕТОВО́ДСТВО *с* 1) тIугьдул (рекьун) гIезари; **занима́ться ~м** тIугьдул рекьиялде машгъуллъизе 2) *(хозяйство)* тIугьдул (рекьун) гIезарулеб магIишат

ЦВЕТОВО́ДЧЕСКИЙ, -ая, -ое тIугьдул (рекьун) гIезарулеб

ЦВЕТОВ//О́Й, -ая, -ое кьералда хурхараб, кьералъулаб; **~ые ощуще́ния** кьерал ратIа рахъизе лъай

ЦВЕТОЕ́Д *м зоол.* тIегь кваналеб хIутI

ЦВЕТ//О́К *м* (*мн.* **~ы**) тIегь; **цвету́щие расте́ния** тIегьалел хурдул; **~ки́** – *(цвету́щие ча́сти расте́ний)* хурдузул тIегьалел бутIаби, тIегь; **полевы́е ~ы** гIалахалъул тIугьдул; **ко́мнатные ~ы** рукъалъул (рокъор гIезарулел) тIугьдул; **собира́ть ~ы** тIугьдул ракIаризе; **буке́т ~о́в** тIугьдузул квацIи

ЦВЕТОЛО́ЖЕ *с бот.* тIогьол тIину *(хIубиялъул тIегь бижараб бакI)*

ЦВЕТОНО́ЖКА *ж бот.* тIогьол хIуби, гIучI *(жинда тIад тIегь бугеб бутIа)*

ЦВЕТОНО́СН//ЫЙ, -ая, -ое тIегь букIунеб, тIегьалеб,тIегь бижулеб; **~ые расте́ния** тIегь бижулел (тIегьалел) хурдул

ЦВЕТО́Ч//ЕК *м уменьш. от* **цвето́к** ◊ **это то́лько ещё ~ки, а я́годки бу́дут впереди́** *посл.* гьабсагIат гьеб гьабураб гьес хадуб щибдай гьабила (кигIан кIудиябдай гьабила)

ЦВЕТО́ЧНИК *м* тIугьдул ричулев чи

ЦВЕТО́ЧНИЦА *ж* 1) (*продавщица цветов*) тIугьдул ричулей гIадан 2) (*ящик для цветов*) тIугьдул рекьулеб ящик

ЦВЕТО́ЧНЫЙ, -ая,-ое тIугьдузул(аб); ~ **одеколо́н** тIугьдузул одеколон; ~ **магази́н** тIугьдузул (тIугьдул ричулеб) тукен

ЦВЕТУ́Щ//ИЙ, -ая, -ое 1) тIегьалеб, тIогьод босараб, тIегь бижулеб; **~ие расте́ния** тIегьалел (тIегь бижулел) хурдул 2) (*полный сил и здоровья*) чорхол сахлъи бугев, тIегьалев; **~ий вид** тIегьалеб (гIадаб) куц (къагIида, хIал) 3) (*процветающий*) цебе тIолеб, тIегьалеб; **~ая страна́** тIегьалеб (цебе тIолеб) улка

ЦЕДИ́ЛКА *ж разг.* цIцIура, цIцIударо

ЦЕДИ́ТЬ *несов. что* 1) цIцIузе, цIцIун бацIцIад гьабизе; ~ **че́рез си́то** цIалкIуялъ цIцIузе 2) (*наливать*) бецIцIизабизе, квваридаб жоялъусан дагь-дагьккун чвахизабизе (тIезе); ~ **вино́** чагъир бецIцIизабизе 3) *перен.* хьачIун ва тIаса-масаго абизе (кIалъазе); ~ **слова́** хьачIун, тIаса-масаго, цабзакьан рагIаби абизе

ЦЕ́ДРА *ж* лимоналъул ва апельсиналъул хъалалъул тIасияб гъат; апельсиналъул яги лимоналъул бакъвазабураб хъал

ЦЕ́ЖЕНЫЙ, -ая, -ое цIцIураб

ЦЕЗ *м* цIунтIасев

ЦЕ́ЗКА *ж* цIунтIасей

ЦЕ́ЗСКИЙ, -ая, -ое цIунтIадерил; ~ **язы́к** цIунтIадерил мацI

ЦЕЗУ́РА *ж лит.* цезура (*кочIол мухъилъ ритмикияб лъалхъи*)

ЦЕ́ЗЫ *мн.* цIунтIал, цIунтIасел

ЦЕЙТНО́Т *м* 1) *шахм*; цейтнот (*шахматаз яги шашкабаз хIалев чиясе ход гьабизе бихьизабураб заман гIунгутIи, дагьаб букIин*) 2) *перен.* заман гьечIолъи (*дагьаб букIин*)

ЦЕЙХГА́УЗ *м уст.* цейхгауз (*аскаралъул къайи-къоно, ретIел-хьит цIунулеб склад*)

ЦЕЛЕ́БН//ЫЙ, -ая, -ое даруяб, дарманаб, жиб дарулъулеб; **~ая трава́** даруяб хер; **~ая вода́** даруяб лъим

ЦЕЛЕВИ́ К *м разг.* целевик (*предприятиялъ, организациялъ, жидерго хIажалъиялда рекъон, цIализе витIарав студент, аспирант*)

ЦЕЛЕВ//О́Й, -ая, -ое 1) мурадияб, цо хасаб мурад жиндасан бугеб; **~ое финанси́рование** цо хасаб мурадалъе гIарац биччай (кьей) 2) *цо кинабалиго* мурадалъе бихьизабураб (буссинабураб); **~ая напра́вленность рабо́ты** хIалтIул мурадияб рахъ

ЦЕЛЕНАПРА́ВЛЕННОСТЬ *ж* мухIканго (камилго) цебе мурад лъей, мурад букIин

ЦЕЛЕНАПРА́ВЛЕННЫЙ, -ая, -ое мухIканго (камилго) цебе мурад лъураб

ЦЕЛЕСООБРА́ЗНОСТ//Ь *ж* рекъей, мурадалда данде ккей, мустахIикъаб букIин, пайдаяб букIин; **~ь де́йствия** иш (хIалтIи) гьаби мурадалда данде ккей, иш мустахтикъаб букIин

ЦЕЛЕСООБРА́ЗН//ЫЙ, -ая, -ое рекъараб, мурадалда данде кколеб, мустахIикъаб, пайдаяб; **~ое реше́ние** рекъараб (мурадалда данде кколеб) хIукму

ЦЕЛЕУСТРЕМЛЁННОСТЬ *ж* чIванкъотIараб ва хасаб мурад букIин, мурадалде щвезе хIаракат (жигар) бахъи (букIин)

ЦЕЛЕУСТРЕМЛЁННЫЙ, -ая, -ое чIванкъотIараб ва хасаб мурад бугеб, мурадалде щвезе хIаракат (жигар) бугев (бахъулев); **~ труд** чIван къотIараб ва хасаб мурад бугеб хIалтIи; **~ челове́к** цо мурадалде щвезе хIаракат (жигар) бахъулев чи

ЦЕЛИКО́М *нареч.* 1) кинабго, тIолабго, цадахъго; **~ проглоти́ть** кинабго (цадахъго) къулчIизе 2) *перен.*; тIолго, тIубан; **~ отда́ться де́лу** тIубанго хIалтIуде (ишалде) машгъуллъизе ◊ **~ и по́лностью** тIубан ва кинабго

ЦЕЛИН//А́ *ж* 1) гIуру къараб хIалтIизабичIеб ракь; **паха́ть ~у́** гIуру бекьизе (бегизе) 2) (*нетронутые места*) гIадамас квер хъвачIеб (гали тIамичIеб) бакI

ЦЕЛИ́ НИК *м* гIуру къарал ракьал хIалтIизарулев чи

ЦЕЛИ́ НН//ЫЙ, -ая,-ое гIуру къараб; **~ые зе́мли** гIуру къарал ракьал

ЦЕЛИ́ ТЕЛЬНЫЙ, -ая,-ое *см.* **целе́бный**

ЦЕ́ЛИТЬ *несов.* 1) ишан босизе (кквезе), гIужие босизе; **~ в мише́нь** гIужде ишан босизе 2) *перен. разг. (метить)* хъулухъ яги иш щвезе хIаракат (жигар) бахъизе

ЦЕЛИ́ТЬ несов. сахлъизавизе

ЦЕ́ЛИТЬСЯ *несов.* ишан ккун букIине, гIужие босун бу-кIине; **~ из винто́вки** тункIица гIужие босизе

ЦЕЛКО́ВЫЙ *м прост.* цо гъурущ

ЦЕЛЛОФА́Н *м* целлофан (*целлюлозаялъул гъорлъан канлъи бихьулеб пленка*)

ЦЕЛЛОФА́НОВ//ЫЙ, -ая, -ое целлофаналъул(аб); **~ый цех** целлофан гьабулеб цех; **~ая упако́вка** целлофаналъул къайи-цIа гъорлъ жемулеб материал

ЦЕЛЛУЛО́ИД *м* целлулоид (*целлюлозаялъул гьабураб къвакIараб пластикияб материал),* макъар

ЦЕЛЛУЛО́ИДНЫЙ, -ая, -ое, **целлуло́идовый,** -ая,-ое целлулоидалъул(аб), целлулоидалъул гьабураб

ЦЕЛЛЮЛО́ЗА *ж* целлюлоза (1 *бот. см.* **клетчатка;** 2 *тех. химикияб куцалда цIулал ва цо-цо хурдузул бахъулеб ва, кагъат гьабулаго, тIабигIияб гуреб чиллай гьабулаго, кьвагьизабулеб материалалъе хIалтIизабулеб жо)*

ЦЕЛЛЮЛО́ЗН//ЫЙ, -ая, -ое целлюлозалъул(аб); **~ая промы́ш- ленность** целлюлозалъул промышленность

ЦЕЛОВА́ТЬ *несов. кого-что* баизе, къочизе, уба гьабизе; **~ ребёнка** лъимералда баизе

ЦЕЛОВА́ТЬСЯ *несов.* къочаризе, цоцада баизе

ЦЕ́ЛО//Е *с* тIубараб, сахаб; **найти́ часть от ~го** тIубараб рикIкIеналъул бутIа батизе

ЦЕЛОМУ́ ДРЕННОСТЬ *ж см.* **целому́дрие**

ЦЕЛОМУ́ДРЕННЫЙ, -ая,-ое вацIцIалъи цIунарав, хасиятал рацIцIадав, вацIцIадав; **~ ю́ноша** вацIцIалъи цIунарав гIолилав; чIужугIаданалда хъвачIев гIолилав

ЦЕЛОМУ́ДРИЕ *с* 1) (*девственность*) яслъи, пикри буголъи 2) *перен. (нравственная чистота*) яхI-намус буголъи (цIуни), хасиятал пучIъичIолъи

ЦЕ́ЛОСТНОСТЬ *ж* кIибикьичIолъи, цолъи цIуни, цого жолъун букIин, **территориа́льная ~** ракьалъул (территориялъул) рикьи гьечIолъи

ЦЕ́ЛОСТНЫЙ, -ая, -ое кIибикьичIеб, цолъи цIунараб, цого жолъун бугеб, цогояб, рикьи гьечIеб, тIубараб

ЦЕ́ЛОСТ//Ь *ж* сахго цIунун букIин, зарар-зиян ккечIого цIуни (хутIи), сах саламатго цIуни; **сохрани́ть все ве́щи в ~и** тIолго (кинабго) къайи сах-саламатго цIунизе

ЦЕ́Л//ЫЙ, -ая, -ое 1) тIубараб, сахаб, квер хъвачIеб; цIураб, тIаса камичIеб; **он съел ~ую бу́лку** тIубараб булка кванана гьес; **вы́пить ~ый стака́н воды́** тIубараб (цIураб) лъел стакан гьекъезе; **~ых три дня** тIубараб лъабго къо; **по ~ым дням и ночам́** тIубарал сордо-къояз 2) (*большой, значительный*) кIудияб, гIураб къадаралъул, гIемераб; **~ый во́рох бума́г** тIатIала бараб гIемераб кагъат; **~ый ряд вопро́сов** гIемерал суалал 3) (*невредимый*) сахаб, зиян ккечIеб, зарар ккечIого хутIараб, сах-саламатаб; **все ве́щи ~ы** кинабго къайи-къоно зарар ккечIого буго; **цел и невреди́м** сахго, сах-саламатго вуго ◊ **в о́бщем и ~ом** гIаммаб куцалда, палхIасил; **в ~ом** тIолабго, тIубан, кинабго цадахъ

ЦЕЛ//Ь *ж* 1) ишан, гIуж; **попа́сть в ~ь** гIужда (речIчIун) щвезе, речIчIараб жо битIун гIужда щвезе 2) мурад, мурадлъун бугеб жо; **благоро́дная ~ь** лъикIаб къасдалъулаб мурад; **доста́чь ~и** мурадалде щвезе, мурад тIубазе ◊ **в ~ях, с ~ью** *чего-л. и с неопр.* сундуениги гIоло

ЦЕЛЬНОМЕТАЛЛИ́ ЧЕСКИЙ, -ая, -ое рацIцIи гьечIого металлалъул гьабураб; **~ вагоʻн** тIубанго, рацIцIи гьечIого, металлалъул гьабураб вагон

ЦЕ́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое 1) цо жоялъул гьабураб (*кесказул гуреб*), бацIцIинчIеб; **из ~ого листа́** цо листалъул (кагътил, фаналъул) 2) (*неразбавленный*) цолъи камилаб, бацIцIадаб, лъим ва цоги жо жубачIеб; **~ое молоко́** бацIцIадаб рахь 3) *перен.* кьучIаб, тIубараб, бутIабазде бикьулареб; **~ый хара́ктер** кьучIаб хасият

ЦЕ́ЛЬНОСТЬ *ж* тIубараб букIин, цо жоялъул гьабураб букIин, бацIцIинчIеб букIин

ЦЕ́ЛЬСИ//Й *м* термометр (*лъеда цIер чIваялдаса гьалиялде щвезегIан градусал рихьизарулеб*)

ЦЕМЕ́НТ *м* цемент

ЦЕМЕНТА́ЦИЯ *ж* щула гьаризелъун кьватIарал бакIал, скважинал цементалъул цIезари

ЦЕМЕНТИ́РОВАТЬ *сов. и несов.* 1) *что* цементалъ гьабизе, цемент тIезе; цементалъ къвакIизабизе; **~ ле́стницу** болъоялде цемент тIезе, болъо цементалъ гьабизе 2) *перен. кого-что высок.* цолъизаризе, щулалъизаризе

ЦЕМЕ́НТНЫЙ, -ая, -ое цементалъул(аб); **~ заво́д** цементалъул (цемент гьабулеб) завод; **~ пол** цементалъул чIабар

ЦЕН//А́ *ж* 1) багьа, къимат, мухь; **госуда́рственные ~ы** пачалихъалъул багьаби; **рыʻночные ~ы** базаралъулал багьаби; **сниже́ние цен** къимат (багьа) гIодобе ккей; **па́дать в ~е** къимат хвезе, багьа хвезе, учузлъизе; **повыʻситься в ~е** багьа (къимат) цIи-кIкIине (борхизе),хиралъизе; **взвиʻнчивание цен** багьаби эхеде гьункьизари, рорхизари 2) *перен.* харж гьаби, хвезаби; **любо́й ~о́й достиʻчь** *чего-л.* кIудияб харж гьабун *щибниги жо* щвезабизе 3) *перен.* къимат, къадру, кIвар; **~а́ дру́жбы** гьудуллъиялъул къимат ◊ **в ~е́** кIудияб къиматалда, цIакъ хираго буго; **знать ~у** *кому-чему-л. лъиениги-сундуениги* битIун къимат кьезе; *сундулниги-лъилниги* къимат гьабизе; **набива́ть себе́ ~у** жиндир къимат (къадру) цогидазда цебе борхизабизе жигар бахъизе; **грош ~а́** кепкил багьаяб буго; **~ыʻ нет** цIакъ багьаяб, багьа абизе (лъезе) кIолареб, цIакъ лъикIаб, хирияб буго

ЦЕНЗ *м* ценз (*щибниги ишалда гьоркьоб гIахьаллъи гьабизе ихтияр букIине ккани, чара гьечIеблъун чIезабураб шартI)*; **возрастно́й ~** гIумрудул ценз; **избира́тельный ~** рициялъул ценз; **имуʻщественный ~** боцIи-рикъзиялъул ценз; **образова́тельный ~** лъаялъул даражаялъул ценз; **~ осе́длости** цо бакIалда гIемераб мехалъ яшав гьабизе ккеялъул ценз

ЦЕ́НЗОВ//ЫЙ, -ая, -ое цензалъул(аб); **~ые выʻборы** цензалъулал рициял

ЦЕ́НЗОР *м* цензор (*цензура гьабулев чи*)

ЦЕ́НЗОРСК//ИЙ, -ая, -ое цензорасул; **~ая обяʻ занность** цензорасул борч (тIадаб иш)

ЦЕНЗУ́Р//А *ж* цензура (1 *басмаялда рахъулел жалазда, театралда лъолеб пьесаялда ва ц. тIад балагьи гьаби*; 2 *гьеб хIалтIи гьабулеб пачалихъалъул идара*); **дозво́лено ~ой** басмаялда бахъизе цензураялъ изну кьуна

ЦЕНЗУ́РН//ЫЙ, -ая, -ое 1) цензураялъул 2) (*пристойный, допустимый*) рекъараб, букIине бегьулеб, абизе бегьулеб; **вполне́ ~ое выраже́ние** тIубанго абизе бегьулеб (рекъараб) ргIи (калам)

ЦЕНИ́ТЕЛЬ *м* къимат кьолев чи, къадру-къимат лъалев чи, ргIа-ракьанде щун лъалев чи; **~ поэ́зии** поэзия лъикI лъалев, гьелъул къимат лъалев чи

ЦЕНИ́ТЕЛЬНИЦА *ж* къимат кьолей гIадан,къадру-къимат лъалей чIужугIадан, ргIа-ракьанде щун лъалей чIужугIадан

ЦЕНИ́ТЬ *несов. кого-что* 1) (*назначить цену*) *разг.* багьа чIвазе, багьа бицине; къимат чIезабизе; **~ в сто рубле́й** нусго гьурщил багьа чIезабизе (чIвазе) 2) къимат гьабизе, къадру гьабизе; **высоко́ ~** *чьи-л.* **заслу́ги** *льилниги* хъулухъалъе (хIалтIуе) кIудияб къимат кьезе; **его́ не це́нят** гьесул къимат-къадру гьабуларо; **~ хоро́шего рабо́тника** лъикIав хIалтIухъанасул къадру-къимат гьабизе

ЦЕНИ́ТЬСЯ *несов.* 1) *кинаб букIаниги* къимат (багьа) бу-кIине; **предме́ты старины́ до́рого це́нятся** некIо заманалъул кьайидул цIакъ къимат гьабула 2) къимат (къадру) гьабизе; **наро́дные тала́нты высоко́ це́нятся в на́шей стране́** нилъер улкаялда халкъиял гьунаразул (махшелазул, пагьмуялъул) цIакъ кIудияб къимат (къадру) гьабула

ЦЕ́ННИК *м* ценник (*къайи-къоноялъул багьа-къимат бихьизабураб справочник*)

ЦЕ́ННОСТ//Ь *ж* 1) (*цена*) багьа, къимат, мухь; **вещь большо́й ~и** кIудияб къимат (багьа) бугеб жо 2) (*важность*) кIвар букIин (буголъи), къиматаб (къадруяб) букIин; **его́ рабо́та име́ет большу́ю ~ь для нау́ки** гьесул хIалтIиялъул гIелмуялъе кIудияб кIвар буго 3) (*ценный предмет*) багьа хирияб къайи, къиматаб жо; **хране́ние ~ей** къиматал жал (багьа хирияб къайи) цIуни 4) бечелъи; **культу́рные ~и** культуриял бечелъаби

ЦЕ́ННЫЙ, -ая, -ое 1) (*имеющий цену*) къиматаб, къимат бугеб; **~ое письмо́** къимат бугеб кагъат 2) (*дорогой*) хирияб, багьа (къимат) кIудияб; **~ые пода́рки** хириял (багьа кIудиял) сайгъатал 3) *перен. (важный)* лъикIаб, кIвар бугеб; **~ое предложе́ние** кIвар бугеб (лъикIаб) предложение; **~ый челове́к** лъикIав (къиматав) чи

ЦЕНООБРАЗОВА́НИЕ *с* багьа (къимат) чIезаби

ЦЕНТ *м* цент (*США-ялда ва цо-цо пачалихъазда хIалтIизабулеб гIисинаб гIарац; долларалъул нусго бутIа гьабун цо бутIа*)

ЦЕ́НТНЕР *м* центнер (*100 килограмм*)

ЦЕНТР *м в разн. знач.* центр, бакъулъбакI; **~ окру́жности** горалъул бакъулъбакI; **жить в ~е го́рода** шагьаралъул бакъулъ (централда) гIумру гьабизе; **коми́ ссия из ~а** кIудияб шагьаралдаса комиссия; **райо́нный ~** районалъул центр; **администрати́вный ~ о́бласти** областалъул административияб центр; **дви́гательные ~ы** лугби хьвадизарулел (рагъаризарулел) централ ◊ **~ напада́ния** футболалда, хоккеялда *ва гь.ц.* гьужум гьабулезул ацлияв; **~ тя́жести** бакIлъиялъул центр (бакъулъбакI); **быть в ~е внима́ния** киназго кIвар кьолевлъун вукIине

ЦЕНТРАЛИЗА́ЦИЯ *ж* централизация (*бакIалъулал идарабазе цо централъ нухмалъи гьаби; цо централъе мутIигIлъи*)

ЦЕНТРАЛИ́ ЗМ *м* централизм (*централизациялъулаб система, бакIалъул органаз (идарабаз) ши централдасан бихьизабухъе, централъ нухмалъи гьабухъе тIобитIулеб къагIида, система*); **демократи́ ческий ~** демократияб централизм

ЦЕНТРАЛИЗО́ВАНН//ЫЙ, -ая, -ое централизациялъулаб; **в ~ом поря́дке** централзациялъулаб къагIидаялда; пачалихъалъул хъатикь бугеб

ЦЕНТРАЛИЗОВА́ТЬ *сов. и несов. что* централизация гьабизе, *сундуениги* нухмалъи цо централдасан гьабизе

ЦЕНТРА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*находящийся в центре*) бакъулъ, централда бугеб, бицун бетIераб; **~ая у́лица** бицун бетIераб (централда бугеб) къватI 2) (*главный, руководящий*) бетIераб, нухмалъи гьабулеб; **~ый комите́т** бетIераб комитет 3) (*основной*) аслияб, бицун кIвар бугеб; **~ый вопро́с** аслияб суал; **~ая не́рвная систе́ма** аслияб нервазулаб система; **~ое отопле́ние** централияб (цо бакIалдасан) рукъ-бакI хинлъизабулеб система; **~ый у́гол** *мат.* централияб (кIиго радиусалда гьоркьоб бугеб) бокIон

ЦЕНТРИФУ́ ГА *ж* центрифуга (1 *жуба-гъубараб жо, смесь чанго бутIабазде механикияб къагIидаялда бикьизабизе хIалтIизабулеб аппарат;* 2 *приборазул хIалтIул хIалбихьи гьабизе, летчикал ва космонавтал ругьун гьаризе хIалтIизабулеб аппарат*)

ЦЕНТРОБЕ́ЖН//ЫЙ, -ая, -ое централдасан (бакьулъан) къватIибе балагьараб; **~ая си́ ла** *физ.* бакьулъан къватIибехун балагьараб гуч, къуват

ЦЕНТРОВО́Й, -ая, -ое централда (бакьулъ) букIунеб; **~ игро́к** централда (бакьулъ) хIалев (хIадарухъан, хIалев чи)

ЦЕНТРОСТРЕМИ́ ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое централде балагьун бугеб, централдехун буссараб; **~ая си́ ла** централде буссараб (балагьараб) гуч

ЦЕП *м* лал бухулеб гIер *(некIо гIурусазул);* **молоти́ть ~ом** гIералъ лал тIамизе (бухизе)

ЦЕПЕНЕ́ТЬ *несов.* цIоро-гъорон хутIизе, тIилгIазе; **~ от стра́ха** хIинкьиялъ цIоро-гъорон хутIизе

ЦЕ́ПК//ИЙ, -ая, -ое 1) рекIунеб, хурхун чIолеб (хутIулеб), рекIун хутIулеб, батIалъичIого рекIун хутIулеб, бан чIолеб (хутIулеб); тIаса бичIулареб; **~ие ру́ки** рекIун (хурхун) чIарал кверал 2) *перен.* тIаса бичIулареб, нахъе къаларев) чи

ЦЕ́ПКО *нареч.:* **~ ухвати́ ться** щулаго (къахIан) кквезе

ЦЕ́ПКОСТЬ *ж* 1) рекIун (хурхун) чIей (хутIи), бан чIей (хутIи) 2) *перен.* тIаса бичIунгутIи

ЦЕПЛЯ́//ТЬСЯ *несов.* 1) *за кого-что* бан чIезе; рекIине; **пла́тье ~ется за колю́ чки** горде зазида балеб буго 2) *перен. за что разг. сундасаниги* пайда босизе жигар бахъизе, ккун чIезе; **~ться** *за какую-л.* **мысль** *кинаб бугониги* пикруялдаса (гIакълуялдаса) пайда босизе 3) *к кому-чему и без доп. (придираться, приставать)* тIаса бичIунгутIизе, хадуб лъугьине; гIайиб балагьизе (чIвазе), багьнал гьаризе; **~ к ка́ждому сло́ву** щибаб ргIуда хадув лъугьине, щибаб ргIуда рекъечIого вукIине

ЦЕПН//О́Й, -а́я, -о́е **1.** 1) рахасалъул, рахсилаб, синжиралъул; **~о́е звено́** рахсил гIекI 2) рахсидалъун хIалтIулеб, рахсилаб; **~а́я переда́ча** рахсилаб передача 3) рахсида бухьараб; **~а́я соба́ка** рахсида бухьараб (ццидалаб, тIад речIчIулеб) гьой ◊ **~а́я реа́кция** *физ., хим.* цепная реакция (1 *физикиялгун химикиял веществабаз цоцазе гьабулеб асар;* 2 *цояб цоялда бухьараб (бараб) иш, лъугьабахъин*)

ЦЕПНО́Й², -ая, -ое *см.* **цеп**

ЦЕПО́ЧК//А *ж* 1) гьитIинаб, тIеренаб рахас; **~а для часо́в** сагIтил рахас 2) (*вереница*) кьер, мухъ, къокъа; **~а бойцо́в** рагъухъабазул къокъа (кьер); **идти́ ~ой** къокъа (кьер, мухъ) гьабун, ине; **передава́ть по ~е** цояс цоясухъе кьезе

ЦЕП//Ь *ж* 1) рахас, синжир; **я́корная ~ь** лангаралъул рахас 2) *мн.* **~и** (*оковы*) маххал; **заково́ать в ~и** маххал разе 3) *перен.* (*сплошной ряд*) мухъ, тIелал, гергеч; **~ь озёр** хIоразул мухъ; **~ь гне́й** цIаязул кьер; **~ь собы́ тий** лъугьа-бахъиназул мухъ 4) (*ряд гор*) гергеч, рахас (мугIрузул); **го́рные ~и** мугIрузул гергеч (рахас) 5) *воен.* тIел, мухъ, кьер; **стрелко́вая ~ь** кьвагьдохъабазул тIел (мухъ) ◊ **как (бу́дто) с ~и сорва́лся** вихха-хочун, цIакъ хехго (ине); сабру тIагIун, рекIеда гьечIого иш гьабизе

ЦЕ́РБЕР *м* цербер (1 *некIсияб Грециялъул мифологиялда жужахIалъул кIалтIу хьихьараб лъабго бетIерги бугеб, жалги борхьазул ццидалаб гьой*; 2 *перен. ццидалав, тохлъуларев хъаравул*)

ЦЕРЕБРА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое 1) *анат.* гIадалнахулаб 2) *лингв.* тIогьиса мацI хванхида хъван бахъулеб гьаракь; **~ые согла́сные** тIогьиса мацI хванхида хъван рахъулел ргIуькъал гьаркьал

ЦЕРЕМОНИА́Л *м* церемониал (*церемониялъул къагIида-гIадат*)

ЦЕРЕМОНИА́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое церемониялъул, церемонияб; хасаб церемониалда рекъон тIобитIулеб (гьабулеб); хIурматияб; *щивниги* кIодо гьавун тIобитIулеб

ЦЕРЕМО́НИТЬСЯ *несов.* 1) билъларав гIадат (низам) цIунизе 2) *с кем-чем и без доп. разг.* нечезе, нахъе къазе, ккколелдаса цIикIкIун намуслъизе

ЦЕРЕМО́НИ//Я *ж* 1) *кинаб букIаниги* гIадат, рохел, байрам тIобитIиялъе чIезабураб низам; *жибго гьеб* гIадат, рохел, байрам;

сва́дебная ~я бертадул церемония, низам 2) *чаще мн.* **~и** *перен.* адаб ккун чIей, нечон нахъе къай, намуслъи; **говори́ без ~й** нечечIого (намуслъичIого) абе

ЦЕРЕМО́ННЫЙ, -ая, -ое 1) хьвада-чIвадиялъул билълъараб низам, къагIида цIуниялъулъ цIакъго кьвararав; гIорхъолъа ун кьвararавлъун хIалев, тIасан ккун хIадарулев 2) хьвада-чIвадиялъе чIезарурал тIалабазе, адаб, яхI-намус, гIаданлъи кьуричIого тIубазабиялъе жаваб кьолеб (данде кколеб)

ЦЕРКО́ВНИК *м* 1) диналда божулев (динияв) ва килиса-лъул рахъ кколев чи 2) христиан дин гьабулев чи

ЦЕРКОВНОПРИХО́ДСК//ИЙ, -ая, -ое: **~ая шко́ла** килиса-ялъулгун приходалъулаб школа

ЦЕРКОВНОСЛАВЯ́НСКИЙ, -ая, -ое востокалъул ва югалъул славяназул диниябхъвай-хъвагIаялда бухьараб ◊ **~ язы́к** 11-17 веказда востокалъул ва югалъул славяназул мацI

ЦЕРКО́ВН//ЫЙ, -ая, -ое 1) килисаялъул; **~ая огра́да** килиса сверун къараб чали, къед 2) диниябхъ, рухIанияб*;* **~ая слу́жба** диниябхъулухъ

ЦЕ́РКОВЬ *ж* кили́ са; дини́ яб ида́ра (*насраниязул*)

ЦЕСА́РКА ж *зоол.* аштархан гIанкIу

ЦЕХ *м* 1) (*мн.* **це́хи, цеха́**) цех; **лите́йный ~** махх (чаран) бинеб цех 2) (*мн.* **це́хи**) *ист.* цех (*феодализмалъул заманалда цого тайпаялъул махщалил гIадамазул гIуцIи); ~* **кожевников** лакай-тIом гьабулезул цех

ЦЕХОВ//О́Й, -а́я, -о́е 1) цехалъул; **~о́й комите́т** цехалъул комитет; **~о́е собра́ние** цехалъул данделъи 2) *перен.* жиндирго цехалда къокълъун ккараб, жидерго группаялдаса къватIибе ба-ккулареб; къваридаб группачилъиялъулаб

ЦЕХОВЩИ́НА *ж* цеховщина (*къваридаб группачилъи; жидерго группаялъул, къокъаялъул мурадал цIуни гурони, тIокIаб щибго жоялъул агъаз гьечIолъи*)

ЦЕЦЕ́ *ж нескл.* цеце (А*фрикаялда букIунеб би цIцIулеб ва батIи-батIиял унтаби тIиритIизарулеб тIутI)*

ЦИА́Н *м* циан (*кьер гьечIеб загьруяб газ*)

ЦИА́НИСТЫЙ, -ая, -ое *хим.* циан гьорлъ бугеб; **~ ка́лий** циан гьорлъ бугеб калий

ЦИА́НОВ//ЫЙ, -ая, -ое *хим.* цианалъулаб; **~ая кислота́** цианалъулаб кислота

ЦИВИЛИЗА́ЦИЯ *ж* цивилизация (1 *обществоялъулаб цебетIей ва материалияб культура тIадегIанаб даражаялде бахин*; 2 *жакъасеб тIолго дуниялалъулаб культура*)

ЦИВИЛИЗО́ВАННОСТЬ *ж* цивилизация (культура) букIин

ЦИВИЛИЗО́ВАННЫЙ, -ая, -ое цивилизация бугеб, культура бугеб, культурияб

ЦИВИЛИЗОВА́ТЬ *сов. и несов. кого-что* культураялде бачине, культурияблъун лъугьинабизе

ЦИВИЛИЗОВА́ТЬСЯ *сов. и несов.* культурияблъун лъугьине

ЦИВИ́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое *уст.* гражданияб, рагъулаб гуреб; **~ая оде́жда** гражданияб ретIел ◊ **~ый лист** парламенталъ монархасе кьолеб гIарцул бутIа

ЦИГА́РКА *ж разг.* гьитIинаб тIеренаб сигара яги папирос

ЦИГЕ́ЙК//А *ж (мех)* цигейка (*къунцIун, белъун кьачIараб циге тайпаялъул гIиял тIехь*); **воротни́к из ~и** цигейкаялъул гьабураб ратIлил габур

ЦИГЕЙКОВ//ЫЙ, -ая, -ое цигейкаялъул, гьабураб; **~ая шу́ба** цигейкаялъул тIимугъ, хъабарча

ЦИДУ́ЛКА *ж разг. щибниги* хъвараб гьитIинаб кагъат

ЦИКА́ДА *ж* цикада (*гIисинал гарцIазул цо тайпа*)

ЦИКЛ *м в разн. знач.* цикл (*цоцада бухьараб ишалъул цо чIараб тIел, къотIел; чIезабураб заманалда жаниб тIад тири, свери*); **произво́дственный ~** производствоялъул цикл; **~ ле́кций по литерату́ре** литератураялъул лекциязул цикл; **истори́ческий ~** тарихиял лъугьа-бахъинаязул цикл

ЦИКЛЕВА́ТЬ *несов. что* цIвакизабизе, цIулал тIасияб рахъ битIизабизе; **~ парке́т** паркет хасаб алаталъ (циклялъ) къачIазе (битIизабизе), цIвакизабизе

ЦИКЛЁВКА *ж* (*по гл.* **циклева́ть**) цIулал тIасияб рахъ (циклялъ) битIизаби, цIвакизаби

ЦИКЛЕ́ВЩИК *м* циклевщик (*цIулал тIасияб рахъ битIизабулев, къачIалев хIалтIухъан*)

ЦИКЛИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое циклал ккун лъугьунеб; циклълъун бугеб

ЦИКЛИ́ЧНОСТЬ *ж* цикл букIин

ЦИКЛИ́ЧНЫЙ, -ая, -ое цикл бугеб, циклалъул(аб)

ЦИКЛО́Н *м* 1) *метеор.* циклон (*гьаваялъул цIакъ хехаб, кутакаб багъа-бачари)* 2) (*ураган*) цIакъ кутакаб гьури

ЦИКЛОНИ́ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое *метеор.* циклоналъул(аб); **~ие ви́хри** циклоналъулал кьурунгьурал

ЦИКЛО́П *м миф.* гъадаробер, берилав, нодо бакъулъ цо бер бугев нартав *(некIсиял греказул мифологиялда)*

ЦИКЛОТРО́Н *м* циклотрон

ЦИКО́РИЙ *м* цикорий (*кофе гьабулелъул гьелда гъорлъе жубалеб бакъвазабураб цо харил кьибил*)

ЦИЛИ́НДР *м.* 1) *мат.* цилиндр 2) мицIир чIедераб кIвакIараб борхатаб шляпа 3) моторалъул цилиндр (техн.)

ЦИЛИНДРИ́ЧЕСК//ИЙ -ая, -ое цилиндр гIадинаб, цилиндралъулаб; **~ая фо́рма** цилиндралъул гIадинаб куц (форма)

ЦИЛИ́НДРОВЫЙ, -ая, -ое *тех.* цилиндралъул; **~ ход** цилиндралъул хIалтIи, хьвади

ЦИМБАЛИ́СТ *м* цимбалист (*цимбала хъвалев чи*)

ЦИМБА́ЛЫ *мн.* цимбала (*хъорщода чармил куналъул чIваби рараб, кIиго гьитIинаб тIилалъ гьаракь бахъинабулеб музыкаляб алат*)

ЦИНГА́ *ж* цинга (*кванилъ витаминал гьечIолъиялдалъун кколеб унти*)

ЦИНГО́ТН//ЫЙ, -ая, -ое 1) цингаялъул, цингаялъ унтараб; **~ое заболева́ние** цингаялъул унти; **~ые дёсны** цингаялъ унтарал дабал 2) : **~ый больно́й** цингаялъ унтарав (чи)

ЦИНИ́ЗМ *м* нич, яхI-намус гьечIолъи, хъублъи

ЦИ́НИК *м* ничгьечI, яхIгьечI, адабгьечI, хъубав чи (хъублъи)

ЦИНИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое *см.* **цини́чный**

ЦИНИ́ЧНОСТЬ *ж* ничI гьечIолъи (букIунгутIи), адаб (яхI-намус) гьечIолъи (букIунгутIи), хъублъи

ЦИНИ́ЧНЫЙ, -ая, -ое нич (адаб, яхI-намус) гьечIеб, хъубаб; **~ отве́т** хъубаб жаваб; **~ челове́к** нич (адаб, яхI-намус) гьечIев (хъубав) чи

ЦИНК *м хим.* цинк *(хим. элемент, металл)*

ЦИНКОВА́ТЬ *несов. что* тIаде цинк биччазе

ЦИ́НКОВ//ЫЙ, -ая, -ое цинкалъул, цинкалъул гьабураб, тIаде цинк биччараб; **~ое ведро́** цинкалъул ведро, цинк тIаде биччараб ведро; **~ые бели́ла** цинкалъул белила *(лажбар, сир)*

ЦИНКОГРАФИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое цинкографиялъул(аб)

ЦИНКОГРА́ФИЯ *ж полигр.* цинкография (*басмаялъе цинкалъул клишеял гьари*)

ЦИНО́ВКА *ж* сумало, мущил турут

ЦИНО́ВОЧНЫЙ, -ая, -ое сумалоялъул, мущил туртилаб

ЦИРКА́Ч *м разг.* циркач (*циркалъул артист*)

ЦИРКА́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое *разг.* циркалъул артистасда хурхараб, *гьес* гьабулеб; **~ трюк** циркачас гьабулеб номер

ЦИРКА́ЧЕСТВО *с разг.* циркачлъи, циркалъул гьунаразде машгъуллъи

ЦИРКА́ЧКА *ж разг.* циркачка (*циркалъул артистка*)

ЦИРКОВО́Й, -а́я, -о́е циркалъул(аб); **~ арти́ст** циркалъул артист

ЦИРКОРА́МА *ж* циркорама (*залалда сверун панорамияб экран бугеб кинотеатр*)

ЦИРКОРА́МНЫЙ, -ая, -ое циркорамаялъул(аб); **~ фильм** панорамияб экраналда бихьизабулеб фильм

ЦИРКУЛИ́РОВАТЬ *несов.* 1) тIад тиризе (сверизе), сверун хьвадизе; **кровь ~ует в те́ле** би чорхолъ сверун хьвадула 2) *перен.* тIибитIизе, хьвадизе; **~уют слу́хи** харбал тIиритIулел руго

ЦИ́РКУЛЬ *м* паргав, циркуль,

ЦИ́РКУЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое циркулалъул(аб); **~ая пила́** *токалъ хIалтIизабулеб* гургинаб хъухъадиро

ЦИРКУЛЯ́Р *м офиц. нухмалъи гьабулел органазул* буюри, амру, циркуляр

ЦИРКУЛЯ́РН//ЫЙ[1], -ая, -ое *офиц.* циркулярияб, циркуляралъул(аб), буюрухъалъулаб; **~ое письмо́** циркулярияб (буюрухъалъулаб) кагъат

ЦИРКУЛЯ´ РН//ЫЙ[2], -ая, -ое *спец.* свериялъул форма бугеб, гургинаб; **~ая пила́** *токалъ хIалтIизабулеб* гургинаб хъухъадиро

ЦИРКУЛЯЦИО́НН//ЫЙ, -ая, -ое *спец.* 1) сверулеб, тирулеб, сверун хьвадулеб; **~ое движе́ние** сверулеб багъа-бачари, хьвади 2) циркуляциялъулаб, жаниб циркуляция лъугьунеб; **~ые тру́бы** жаниб циркуляция лъугьунел турбаби

ЦИРКУЛЯ´ ЦИЯ *ж* (*по гл.* **циркули́ровать**) тIад свери (тири), сверун хьвади; **~ кро́ви** бидул хьвади

ЦИРЮ´ ЛЬНИК *м уст.* даллак, парикмахер

ЦИРЮ´ ЛЬНЯ *ж уст.* даллакхана, парикмахерская

ЦИСТЕ́РНА *ж* цистерна (1 *нарт, бензин, нах жаниб цIунизе металлалъул гьабураб кIудияб къали;* 2 *жаниб лъим ва ц. лъамалъи цIунизе ракьулъ гьабураб хIавуз* 3. *нарт, бензин ва ц. баччулеб вагон, автомобиль*); **нефтяна́я** ~ чIегIер нарт цIунулеб (тIолеб) цистерна

ЦИСТИ´ Т *м мед.* цистит (*пунцIеро унти, пунцIеродул унти*)

ЦИТАДЕ́ЛЬ *ж* 1) (*укрепление*) хъалаялъул къадазда жаниб гьабураб кутакаб щулалъи 2) *перен. высок. (оплот)* щулалъи, мугъ чIвалеб бакI

ЦИТА́ТА *ж* цитата (*щибго хисизабичIого текстaлдаса босараб кесек*)

ЦИТА́ТНЫЙ, -ая, -ое цитаталъул(аб), цитата бугеб

ЦИТИ´ РОВАНИЕ *с* (*по гл.* **цити´ ровать**) цитата боси (бачин, кьей)

ЦИТИ́РОВАТЬ *несов. кого-что* цитата босизе (бачине, кьезе); **~ кла́ссиков** классиказул цитата бачине (босизе)

ЦИ́ТРУС *м* цитрус (*лимоналъул, апельсиналъул, мандариналъул гъветI)*

ЦИТРУСОВО́Д *м* цитрусал гIезарулев чи

ЦИТРУСОВО́ДСТВО *с* цитрусал гIезари

ЦИ́ТРУСОВ//ЫЙ, -ая, -ое **1.** цитрусалъул(аб); **~ое де́рево** цитрусалъул гъветI **2.** *в знач. сущ.* **~ые** *мн. бот.* лимоналъул, апельсиналъул, мандариналъул гьутIби; **поса́дка ~ых** цитрусал чIей

ЦИФЕРБЛА́Т *м* циферблат (*сагIтил ва ц. роцадул тарихал тIад хъвараб къоно*)

ЦИФЕРБЛА́ТНЫЙ, -ая,-ое циферблаталъул

ЦИ´ ФР//А 1) цифра, тарих; **ара́бские ~ы** гIараб цифраби (тарихал); **ри´ мские ~ы** рималъул (рим) цифраби (тарихал) 2) *мн.* **~ы** (*показатель, расчет*) цифраби, показателал, гIаламатал; **контро́льные ~ы** контролиял цифраби

ЦИФРОВА́ТЬ *несов. что* тарихал (цифраби) лъезе, тарихалдалъун бихьизабизе; номерал лъезе

ЦИФРОВ//О́Й, -а́я, -о́е 1) цифрабазул(аб), цифрабаздалъун бугеб; **~о́е выраже́ние** цифрабазулаб выражение (формула) 2) (*обозначенный цифрами*) цифрабаздалъун бихьизабураб, цифрабазул(аб); **~ые да́нные** цифрабаздалъун рихьизарурал баянал

ЦИРК *м* цирк

ЦО́КАНЬЕ[1] *с* 1) (*тIикъва чIварал щанкIазул*) тIваркъи 2) къокъал зирарал гьаркьал рахъин

ЦО́КАНЬЕ[2] *с* **ц, ч** гьаркьал, ратIа гьаричIого, аби, рахъи

ЦО́КАТЬ[1] *несов.* 1) *щибниги* маххул жо ганчIида тункун (кьабун) гьаракь (тIваркъи) бахъине 2) къокъал зирарал гьаркьал рахъине; **~ языко́м** мацIалъ къокъал зирарал гьаркьал гьаризе

ЦО́КАТЬ[2] *несов.* **ц, ч** гьаркьал, ратIа гьаричIого, абизе (*гIурусазул североязычного говоразда*)

ЦО́КНУТЬ *однокр. к* **цо́кать**[1]

ЦО́КОЛЬ *м* 1) *архит.* цоколь (*кьучIалда тIад гьабураб къадал гъоркьияб бицатаб бутIа*) 2) *эл.* цоколь (*электрикияб чирахъалъул патроналда кьуризе бугеб металлалъулаб бутIа*)

ЦО́КОЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое цоколалъул; **~ая плита́** цокола-лъул къоно; **~ый этаж** цоколалъул борхалъуда бугеб тIала

ЦО́КОТ *м* тIваркъи; **~ копы´ т** (чол) щанкIазул тIваркъи

ЦОКОТА́ТЬ *несов.* тIваркъи бахъинабизе

ЦУГ *м* хадур-цере кIи-кIи чу, кIи-кIи оц барал гьакал

ЦУ́ГОМ *нареч.* 1) (*запряжной, гуськом*) чуял хадур-цере гьакида ран; **е́хать** ~ (чуял) хадур-цере гьакида ран ине 2) *разг. (вереницей)* рахас гьабун, хадур-цере

ЦУКА́Т *м* цукат (*тIад чакаралъул сиропалъул хъал къараб пихъ яги гьелъул хъал)*

ЦЫГА́Н *м* цыганав

ЦЫГА́НЕ *мн.* цыганал

ЦЫГА́НКА *ж* цыганай

ЦЫГА́НСКИЙ, -ая, -ое цыганазул(аб); **~ язы´к** цыганазул мацI

ЦЫ́КАТЬ *несов. на кого прост.* ццидахун гьаракь гьабизе, хIинкъи кьун ахIдезе, тIаде хъихъидизе

ЦЫ´ КНУТЬ *однокр. к* **цы´ кать**

ЦЫ´ ПКА *ж разг.* гIанкIу, гIанкIудул тIинчI

ЦЫПЛЁНОК *м* (*мн.* **цыпля´та**) гIанкIудул тIинчI ◊ **цыпля´т по о́сени счита́ют** *посл.* гIей-гIунгутIи хадуб гурони лъалареб; къо радалго буго, хIасил хадуб лъала

ЦЫПЛЯ́Ч//ИЙ, -ья, -ье гIанкIудул тIинчIалъул (тIанчIазулаб); **~ья ше́я** гIанкIудул тIинчIалъул габур ◊ **~ьи ру́ки** цIакъ тIеренал хIалакъал кверал

ЦЫ́ПОЧК//И *мн.:* **на ~ах** хIатIил килщазул тIогьазда чIун; **встать на ~и** хIатIил килщазул тIогьазда вахъун чIезе; **ходи´ ть на ~ах** хIатIил килщазул тIогьазда хьвадизе; **ходи´ть на ~ах** *пе́ред кем-л. перен.* лъиданиги цеве хIелхIедизе

ЦЫП-ЦЫП *межд.* биш-биш (*гIанкIаби (гIанкIуял) ахIулаго абулел гагIаби*)

ЦЫЦ *межд. разг.* сас (*те*), гьаракь (*гьабуге*), вуцIцIа

Ч

ЧАБА́Н *м* гIиявехь

ЧАБА́НИЙ, -ья, -ье гIиявехьасул

ЧАБА́НИТЬ *несов.* гIиявехьлъи гьабизе

ЧАБА́НСК//ИЙ, -ая, -ое *см.* **чабани´й; ~ая па́лка** гIиявехьасул тIил, эргъахъ

ЧАБРЕ́Ц *м бот.* ташкIу

ЧА́ВКАНЬЕ *с* (*по гл.* **ча́вкать**) чIанкIи бахъинаби *(кванало);* чIанкI

ЧА́ВКАТЬ *несов. прям., перен.* чIанки бахъинабизе (кванало); **~ сапога́ми по гря´ зи** чакмабаз хIарщулъ чванки бахъинабизе

ЧАД *м* 1) бухIулеб беэнлъиялъул квешаб махI, ганчIил тIорччол квешаб махI; **ку´хонный** ~ кванирокъосан бачIунеб квешаб махI 2) *перен. щибалиго* бетIер сверизабулеб, кIотинарулеб, гIакълуялдаса инарулеб жо; **в ~у страсте́й** гIишкуялъул цIадулъ; **в ~у разгу́льной жи´ зни** аваданаб-кепаб гIумруялда

ЧАДИ́ТЬ *несов.* бухIулеб жоялъул махI бахъине, кIкIуйтIачине, махIтIачине

ЧА́ДНЫЙ, -ая, -ое 1) (*чадящий*) кIкIуй чIолеб, квешаб махI бахъунеб 2) *перен. (одурманенный)* бетIер сверизабулеб, гIакълу босизабулеб, кIотинабулеб

ЧА́Д//О *с уст., шутл.* лъимер; **со все́ми ~ами и домоча́дцами** киналго лъималгун, рокъоселгун, тIубараб хъизан-кулпатгун

ЧАДОЛЮБИ́В//ЫЙ, -ая, -ое *уст. шутл.* лъимер бокьулев, лъимер хирияв; **~ый оте́ц** лъимер бокьулев эмен; **~ая мать** лъимер бокьулей эбел

ЧАДОЛЮ´ БИЕ *с уст.* лъимер бокьи (хиралъи)

ЧАДР//А́ *ж* бадибигъ, чадра; **сбро́сить ~у́** бадибигъ рехизе

ЧАЁВНИК *м разг.* чай гIемер гьекъолев чи, чайчи

ЧАЁВНИЧАТЬ *несов. разг.* чай гьекъолаго заман инабизе (тIамизе)

ЧАЕВО́Д *м* чай гIезабулев чи

ЧАЕВО́ДСТВО *с* чай гIезаби

ЧАЕВО́ДЧЕСКИЙ, -ая, -ое чай гIезабулеб; **~ райо́н** чай гIезабулеб район

ЧАЕВЫ́Е *мн.* чайдул гIарац (*некIо гIиси-бикъинаб хъулухъ гьабуралъухъ бечедал чагIаз мискинчиясе «чаялъе» кьолеб букIараб дагьа-макъаб гIарац*)

ЧАЕПИ´ ТИЕ *с* чай гьекъей

ЧАЕРАЗВЕ́СОЧН//ЫЙ, -ая, -ое цIцIан чай бикьулеб, чай борцун бикьулеб; **~ая фа́брика** чай борцун бикьулеб фабрика

ЧАЙ́НКА *ж* заварка гьабураб чайдул гьитIинаб тIамах, чалъул тIанхил къинцI, кесек

ЧАЕУБО́РОЧНЫЙ, -ая, -ое чай бакIарулеб; **~ комба́йн** чай бакIарулеб комбайн

ЧАЙ[1] *м* 1) чай, **грузи´ нский** ~ гуржи чай; **зелёный** ~ гIурчинаб чай; **кре́пкий;** ~ кIвакIараб чай; **завари´ть** ~ чай базе, чай гьабизе 2) (*чаепитие*) чай гьекъей; **за ча́ем** чай гьекъолаго; **при-**

гласи́ ть на ча́шку ча́я чай гьекъезе ахIизе ◊ **дать на ~** «чаялъе» гIарац кьезе (гIиси-бикъинаб хъулухъ, кумек гьабуралъухъ дагьамакъаб гIарац кьезе)

ЧАЙ² *вводн. сл. и частица (прост.)* 1) (*вероятно, по-видимому*) букIаниги, бугониги, гури, -ни 2) (*ведь, все-таки*) бегьула, ккола, батила, батизе гурин

ЧА́ЙКА *ж* чайка (*ралъдал хIинчI)*, чайкахIинчI

ЧА́ЙНАЯ *ж* чайная (*чай гьекъолеб столовая*), чайхана

ЧА́ЙНИК *м* чайник, чайдан

ЧА́ЙНИЦА *ж* чайтIам, чай цIунулеб гъутухъ

ЧА́ЙН//ЫЙ, -ая, -ое чайдул, чайдулаб; чай гьекъеялъе бугеб; **~ый лист** чайдул тIамах; **~ая планта́ция** чайдул плантация; **~ая ло́жка** чайдул гъуд ◊ **~ая ро́за** тIогьода чайдул махI бугеб роза; **че́рез час по ~ой ло́жке** *погов.* дагь-дагь ккун

ЧАЙХАНА́ *ж* чайхана *см.* **ча́йная**

ЧА́ЛИТЬ *несов. что* аскIобеги цIан гама (раса ва гь.) бухьине (щула гьабизе)

ЧА́ЛКА *ж* (*причальный канат*) рахас, квар (*гама бухьунеб*)

ЧАЛМА́ *ж* чалма

ЧА́ЛЫЙ, -ая, -ое (*о масти лошадей*) цIахIилчараб

ЧАМАЛИ́ НЕЦ *м* чIамалав

ЧАМАЛИ́ НКА *ж* чIамалай

ЧАМАЛИ́НСКИЙ, -ая, -ое чIамалазул; **~ язы́к** чIамалазул мацI

ЧАМАЛИ́ НЦЫ *мн.* чIамалал

ЧАН *м* чан (*кIудияб цIулал къали; маххбетоналъул яги кирпичалъул бокIон битIараб хIавуз*)

ЧАРДА́Ш *м* чардаш (*венгрзул халкъияб кьурди, гьеб кьурдул бакъан*)

ЧА́РКА *ж чагъир гьекъолеб* гьитIинаб лълъар

ЧА́РЛЬСТОН *м* чарльстон (*хехаб кьурди, гьеб кьурдул бакъан*)

ЧАРОВА́ТЬ *несов. кого-что* 1) *уст.* сихIру гьабизе 2) *перен.* ракI цIазабизе, ракI хIайранлъизабизе, сагьвиллъизабизе; **она́ чару́ет свое́й красото́й** жиндирго берцинлъиялъ гьелъ сагьвиллъизарула

ЧАРОДЕ́Й *м* 1) *уст. (колдун, волшебник*) сахIир, сихIручи 2) *перен.* гIадамал хIайранлъизарулев чи, гIадамал сагьвиллъизарулев чи

ЧАРОДЕ́ЙСКИЙ, -ая, -ое *уст.* сихIираб, сагьвиллъизарулеб

ЧАРОДЕ́ЙСТВО *с* 1) *уст. (колдовство, волшебство*) сихIручилъи 2) *перен.* сагьвиллъизари, ракIал сагьвиллъизари

ЧАРУ́ЮЩИЙ, -ая, -ое гIажаиблъизарулеб, хIайранлъизарулеб, сагьвиллъизабулеб

ЧА́РЫ *мн.* 1) *уст.* сихIру 2) *перен.* хIайранлъизарулеб гуч; **~ любви́** рокьул сихIру 3) тIаде цIалеб гьайбатлъи, берцинлъи

ЧАС *м* 1) сагIат; **полтора́ ~а** сагIатгун бащдаб; **че́рез ~** цо сагIаталдасан; **опозда́ть на ~** цо сагIаталъ кватIизе; **~ами ожида́ть** *кого-л.* сагIтаз *лъихъниги* балагьун чIезе (гIемер мехалъ балагьун чIезе) 2) (*время по часам*) сагIат; **в два ~а́ дня** къад сагIат кIигоялда; **двенадца́ть ~о́в** сагIат анцIила кIиго, сагIат анцIила кIигоялда; **в двена́дцать ~ов но́чи** къаси сагIат анцIила кIигоялда; **кото́рый ~** сагIат чан тIубараб? 3) (*пора, время*) заман, гIуж, мех; **вече́рний ~** маркIачIул заман (гIуж); **~ о́тдыха** хIалхьул заман; **приёмные ~ы́** тIаде къабул гьарулеб заман ◊ **академи́ческий ~** академияб сагIат (45 яги 50 минут); **би́тый ~** тIубараб сагIаталъ, гIемераб мехалъ; **в до́брый ~ !** нух битIаги, сагIат лъикIаб батаги! **тот же ~** гьагъабго заманалда, гьебго сагIаталъ; **~ о́т ~у** дагь-дагьккун, гьор-кьоса къотИичIого, тIадеялдаса тIаде; **~ про́бил** заман щвана; **с ~у на ~** гьанже гуреб гьанже; **не по дням, а по ~ам** цIакъ хехго; **не ро́вен ~** *вводн. сл. прост.* лъачIого, бокьичIого, цощинаб

ЧАСА́МИ *нареч.* гIемераб мехалъ, халатаб заманалъ, гIемерал сагIтаз

ЧА́СИКИ *мн. уменьш. от* **часы́**

ЧАСО́ВНЯ *ж* гьатIан (гьитIинаб килиса) (*алтарь гьечеб*)

ЧАСОВ//О́Й[1], -ая, -ое 1) (*продолжительностью в один час*) цо сагIтил, цо сагIаталъул болжалалъул; **~ая ле́кция** цо сагIаталъул лекция 2) (*производимый за каждый час*) сагIат хIисаб гьабун бугеб, сагIат рикIкIун букIунеб; **~а́я опла́та** сагIат рикIкIун кьолеб харж 3) *разг. (назначенный на час*) сагIат цоялда бихьизабураб; **уе́хать ~ым по́ездом** сагIат цоялда бихьизабураб поездалда ине

ЧАСОВО́Й², -ая, -ое сагIтазул, сагIтал ричулеб, сагIтал къачIалеб; **~ магази́н** сагIтал ричулеб тукен; **~ ма́стер** сагIтазул устар; **~ механи́ зм** сагIтил механизм, сагIтил ургьимес; **дви́ гаться по ~ стре́лке** сагIтил хъаравулзаби унеб рахъалде ине; **дви́ -гаться про́тив ~ стре́лки** сагIтил хъаравулзаби унеб рахъалда данде ине

ЧАСОВ//О́Й³ *м воен.* хъаравул (*посталда чIарав*); **сме́на ~ых** хъаравулзаби хиси; **поста́вить ~о́го** хъаравул тезе (лъезе)

ЧАСОВЩИ́ К *м* сагIтазул устар, сагIтал къачIалев чи

ЧАСО́К *м уменьш. от* **час; отлучи́ться на ~** цо сагIаталъ ватIалъизе (кивениги ине)

ЧА́СОМ *нареч. прост.* 1) цо-цо мехалъ 2) цощинаб, нагагьлъун

ЧАСТЕ́НЬКО *нареч. разг.* ризго, гIемер; **он ~ к нам захо́дит** дов ризго (гIемер) нижехъе вачIуна

ЧАСТИ́ ТЬ *несов.* 1) *разг.* гIедегIизе, хехлъизе; **не части́ , говори́ ме́дленнее** гIедегIуге (хехлъуге), гIодове вичан абе 2) *прост. (часто посещать кого-л.) лъихъениги* тIаде-гъоркье ризго щвезе (ине)

ЧАСТИ́Ц//А *ж* 1) гьитIинаб бутIа, зарра, къатIра; **мельча́йшая ~а** цIакъго гIисинаб зарра; **~ы пы́ли** хIурул зарра 2) *грам. (служебное слово*) частица

ЧАСТИ́ ЧКА *ж уменьш. от* **часть** I, **частица** I

ЧАСТИ́ЧНО *нареч.* тIубачIого, цо бутIаялъ; **рабо́та вы́ полнена ~** хIалтIул цо бутIа тIубан буго

ЧАСТИ́ЧНЫЙ, -ая, -ое тIубараб гуреб, тIубачIеб; **~ое улучше́ние здоро́вья** сахлъиялъул цодагьаб (тIубараб гуреб) мадар лъугьин; **~ успе́х** цо бутIаялъулаб бергьенлъи

ЧА́СТНИК *м* хасаб магIишаталъул бетIергьан

ЧАСТНОВЛАДЕ́ЛЬЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое хасаб бетIер-гьанлъиялъулаб; **~ие зе́мли** хасаб бетIергьанлъиялъулал ракьал

ЧА́СТНОЕ *с мат.* цо къадар цогиялде бикьун ккараб хIасил *(рикIкIен)*

ЧАСТНОСО́БСТВЕННИЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое жив бетIергьанаб, хасаб бетIергьанлъиялъулаб; **~ое хозя́йство** хасаб бетIергьанлъиялда бугеб магIишат

ЧА́СТНОСТ//Ь *ж* 1) (*единичность*) хаслъи, хасаб букIин, цохIого цо букIин, нагагьлъи, хасиятаб гуролъи, батIаго букIин, батIалъи; **~ь слу́чая** лъугьа-бахъиналъул нагагьлъи 2) (*подробность*) рагIа-ракьан бахъи, мухIканлъи; **изложи́ть без ~ей** гIисибикъинаб жо гьоркьоб биччан бицине; кIвар гьечIеб жо гьоркьоб биччан, бицине; кIвар дагьаб жо гьоркьоб тун, бицине ◊ **в ~и** *вводн. сл.* масала, хасго, цIар ккун абуни

ЧА́СТН//ЫЙ, -ая, -ое **1.** 1) (*отдельный, особый*) хасаблъун бугеб, цощинаб жоялъул бутIалъун кколеб, къанагIатаб, надираб; **~ый слу́чай** къанагIатаб лъугьа-бахъин 2) (*личный*) живго бетIергьанаб, жиндирго напсияб, хасаб; **~ая перепи́ска** напсияб хъвадари 3) живго бетIергьанаб; жиндираб; **~ая со́бственность** живго бетIергьанаб; буголъи; **~ый капита́л** живго бетIергьанаб капитал **2.** *в знач. сущ.* **~ое** *с* хасаб букIин, хаслъи ◊ **~ое определе́ние** судалъул цо хасаб хIукму

ЧА́СТО *нареч.* 1) ризго, гьарзаго, гIемерцIул, гIемер нухалъ,чанго нухалъ; **~ ви́деться** ризго (гIемерцIул) рихьизе; **~ быва́ть в кино́** ризго киноялда вукIине (хьвадизе); **она́ ~ хо́дит к бра́ту** дой гIемер уна (хьвадула) вацасухъе 2) (*близко*) аскIо-аскIор, данд цун; **дере́вья поса́жены ~** гъутIби аскIо-аскIор чIун руго

ЧАСТОКО́Л *м* чали *(аскIо-аскIор гIурдул, гъазихъал чIван гьабураб)*

ЧАСТОТ//А́ *ж* 1) (*напр. встреч*) гIемерлъи 2) (*напр. леса*) ризлъи́ 3) *спец. (число повторений чего-л. в единицу времени*) такрарлъи, хехлъи; **повыше́ние ~ы пу́льса** бидул кьаби хе́хлъи

ЧАСТО́ТНОСТЬ *ж* гIемерлъи, такрарлъи, ризлъи; **определи́ть ~ употребле́ния слов** рагIаби хIалтIизариялъул ризлъи (къадар) баян гьабизе (чIезабизе)

ЧАСТО́ТНЫЙ, -ая, -ое частотнияб, ризлъиялъулаб (къадаралъулаб), рагIаби хIалтIизариялъул ризлъи (къадар) чIезабулеб; **~ слова́рь** частотнияб словарь, ризлъи-къадаралъулаб словарь

ЧАСТОТОМЕ́Р *м физ.* ризлъи (хехлъи, такрарлъи) борцунеб прибор, ризлъиборц

ЧАСТУ́ШЕЧНИК *м* къокъал махсародул кучIдул ахIулев кочIохъан

ЧАСТУ́ШЕЧНИЦА *ж* къокъал махсародул кучIдул ахIулей кочIохъан

ЧАСТУ´ ШКА *ж* къокъаб махсародул кечI

ЧА́СТ//ЫЙ, -ая, -ое 1) хIалаб, тIатIала букIунеб (кколеб);**~ые встре́чи** тIатIала рукIунел (кколел) дандчIваял; **~ый гость** гIемер вачIунев гьобол; **~ дождь** хIалаб (гIемер балеб) цIад 2) (*густой*) ризаб; **~ый лес** ризаб рохь; **~ое си´ то** ризаб (ризго картIал ругеб) цIалкIу 3) хехаб, хIалуцараб; **~ое дыха́ние** хехаб хIухьел цIай; **~ый пульс** хехаб бидул кьаби´

ЧАСТ//Ь *ж* 1) бутIа; **~ь до́ма** минаялъул бутIа; **тре́тья ~ь** лъабабилеб бутIа; **бо́льшая ~ь** кIудияб бутIа; **ме́ньшая ~ь** гьитIинаб бутIа; **получи´ ть свою´ ~ь** жиндирго бутIа щвезе 2) (*организма, механизма*) бутIа, лага; **запасна́я ~ь** нахъраталилаб бутIа; **~ь те́ла** чорхол лага 3) (*раздел*) бутIа; **рома́н в пяти´ ~ях** щуго бутIаялъулаб роман 4) (*отдел*) *кинаб бугониги* учреждениялъул отдел, часть; **уче́бная ~ь** цIалулаб часть *(дарсазул, цIалиялъул иш бачунеб бутIа)* 5) *воен.* часть; **во́инская ~ь** рагъулаб часть ◊ **~и ре́чи** каламалъул бутIаби; **~и све́та** дунялалъул бутIаби; **бо́льшей ~ью, по бо́льшей ~и** гIемерисеб рахъалъан, цIикIкIун; **разрыва́ться на ~и** чанго батIи-батIияб иш цадахъ тIубазе; **по ~и** рахъалъан, хIакъалъулъ ◊ **это не по мое́й ~и** гьеб дир хIалтIи гуро

ЧА́СТЬЮ *нареч.* цо бутIаялъ, цо рахъалъ; **он то́лько ~ прав** гъов цо рахъалъ (къадаралъ) витIарав вуго

ЧАСЫ´ *мн.* сагIат; **карма́нные ~** кисинаб лъолеб сагIат; **нару́чные ~** рукьалда балеб сагIат; **сте́нные ~** къадада балеб сагIат; **песо́чные ~** салул сагIат; **завести´ ~** сагIат къуризе; **~ отстаю´ т на шесть мину́т** сагIат анлъго минуталъ нахъе кколеб буго

ЧА́ХЛ//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*о растительности*) бечIараб, ба-къвалеб бугеб, загIипаб; **~ая трава́** бечIараб хер 2) (*болезненный*) загIипаб, унтараб, бечIараб, щокъаб; **~ый ребёнок** загIипаб лъимер

ЧА́ХН//УТЬ *несов.* 1) (*о растительности*) бечIазе, бакъвазе, загIиплъизе; **цвето́к ~ет** тIегь бакъвалеб буго 2) (*хиреть*) загIиплъизе, унтизе, бечIазе, шокълъизе

ЧАХО́ТКА *ж прост.* чахотка, гьуърузул туберкулез ◊ **скороте́чная ~** *разг.* хехго кутаклъулеб (цIикIкIунеб) гьуърузул туберкулез; **карма́нная ~** *разг. шутл. уст.* гIарац лъугIун хутIи

ЧАХО́ТОЧН//ЫЙ, -ая, -ое *прост.* **1.** чахоткаялъулаб, туберкулезалъулаб, гьуърузул унтияльулаб; **~ый больно́й** чахоткаялъ унтарав; **~ый ка́шель** туберкулезалъулаб х1алцен **2.** *в знач. сущ.* **~ый** *м,* **~ая** *ж* чахоткаялъ унтарав(-й)

ЧА́Ш//А *ж* суркIа, щурун, лълъар (*гьакълил*); **~а вина́** чагъиралъул лълъар ◊ **вы´пить го́рькую ~у** тIаде бачIараб балагь хIехьезе; **испи´ть сме́ртную ~у** хвалил лълъар гьекъезе, хвезе; **дом – по́лная ~а** рокъоб щиб бокьаниги буго; **перепо́лнить ~у терпе́ния** хIехьезе кIвеялдаса ине

ЧА́ШЕЧКА *ж* 1) *уменьш. от* чашка 2) *бот.* тIогьода сверун бугеб тIанхил гIурччинаб свери ◊ **коле́нная ~** накалзул щурун

ЧА́ШКА *ж* 1) чашка, чай гьекъолеб суркIа 2) (*весов*) цIадирабазул гъадаро

ЧА́Щ//А *ж* ризаб, жанисан нух бахъизе захIматаб рохь; **в ~е ле́са** ризаб рохьоб

ЧА́ЩЕ *сравн. ст. к* **ча́стый** *и* **ча́сто**

ЧАЩО́БА *ж см.* **ча́ща**

ЧА́ЯНИ//Е *с* рекIел мурад, бугеб хьул, рекIел хIасрат, рекIел анищ; **наро́дные ~я** халкъалъул рекIел анищал; **~я рабо́чего кла́сса осуществи´ лись** хIалтIухъабазул рекIел мурадал тIурана

ЧА́Я//ТЬ *несов. чего и с неопр. уст.* хьул лъезе, хьул букIине, ракIалда букIине; **не ~л я тако́й встре́чи** гьадинаб дандчIваялде дир хьул букIинчIо ◊ **души´ не ~ть** *в ком-л. щив вугониги* цIакъ хиралъизе, цIакъго вокьизе, *лъил бугониги* цIакъго хIурмат гьабизе

ЧВА́НИТЬСЯ *несов. кем-чем и без доп.* чIухIизе, чIухIдаризе, гIамал кIодолъизе, ракI кIодолъизе

ЧВАНЛИ́ВОСТЬ *ж разг.* чIухIи, чIухIдари, гIамал кIодолъи, ракI кIодолъи

ЧВАНЛИ́ВЫЙ, -ая, -ое *разг.* чIухIдаризе, гIамал кIудиял жал гьаризе бокьулев; **~ челове́к** чIухIдаризе, гIамал кIудиял жал гьаризе бокьулев чи

ЧВА́ННЫЙ, -ая, -ое *разг* жиндилъ чIухIдари, гIамал кIодолъи бугев; гIамал кIудияв; **~ хара́ктер** гIамал кIудияб, чIухIдарулеб хасият

ЧВА́НСТВО *с* чIухIи, чIухIдари, гIамал кIодолъи, ракI кIодолъи

ЧЕБУРА́ХНУТЬ *сов. кого-что прост.* кутакалда кьабизе, тункизе

ЧЕБУРА́ХНУТЬСЯ *сов. прост.* хъуй-хъаялда бортизе яги гIодоб речIчIизе, тункизе

ЧЕБУРЕ́К *м* гьан жаниб лъураб пирожок

ЧЕБУРЕ́ЧНАЯ *ж* пирожокал ричулеб бакI

ЧЕГО́ *род. п. от* **что**[1]

ЧЕЙ 1) *мест. вопр. и относ.* лъил, сундул; **чья эта кни´га?** гьаб лъил тIехь? **чье пальто́?** лъил пальто? **~ каранда́ш?** лъил къалам? 2) *относ.* жиндир; **челове́к, чьё и´мя изве́стно всем** киназего жиндир цIар машгъурав чи ◊ **~ бы то ни был** лъил букIаниги; **чья взяла́?** щив витIарав вукIарав? щив витIарав ватарав?

ЧЕ́Й-ЛИБО *мест. неопр.* лъилалиго, сундулалиго

ЧЕ́Й-НИБУДЬ *мест. неопр. см.* **че́й-либо**

ЧЕ́Й-ТО *мест. неопр. см.* **че́й-либо**

ЧЕК *м* чек (1 *банкалдаса гIарац босизе ихтияр кьолеб кагъат;* 2 *тукадаса босараб къайиялъухъ гIарац кьеялъул кагъат*)

ЧЕКА́ *ж* гIанкIва (*гьакил хIос ражихоялдаса борчIунгутIизе тIаса гIодобе къазабулеб маг1)*

ЧЕКА́НИТЬ[1] *несов. что* 1) кIутIун металлалда сурат лъугьинабизе; къотIизе (*металлалъул гIарац*); **~ моне́ту** гIарац къотIизе 2) *перен.* камилго гьабизе, баян гьабизе (*рагIи, сурат*); **~ слова́** гIужилго, камилго рагIаби абизе; **~ шаг** камилго гали тIамизе

ЧЕКА́НИТЬ[2] *несов. что* гъотIол кар тIогьиса къотIизе яги гъуризе (*хехго пихъ барщизе)*

ЧЕКА́НКА[1] *ж* 1) (*по гл.* **чека́нить**[1]) чеканка, кIутIун металлалда сурат лъугьинаби; **~ моне́т** гIарац къотIи 2) (*рисунок*) *квартIа кIутIун, бухун металлалда гьабураб* сурат

ЧЕКА́НКА[2] *ж см.* **чека́нить**[2]

ЧЕКА́НЩИК *м* чеканщик (*металлалда кIутIун сурат, накъищ гьабулев чи*)

ЧЕКИ´ СТ *м* чекист

ЧЕКИ´ СТСКИЙ, -ая, -ое чекистазулаб

ЧЕ́КОВ//ЫЙ, -ая, -ое чекалъул; **~ая кни´ жка** чеказул книжка

ЧЁЛК//А *ж* 1) надалде даларав чол жал 2) надалде ххан къунцIун къачIараб рас; **носи´ ть ~у** надалде ххан рас тезе

ЧЁЛН *м уст.* раса, гъайихъ

ЧЕЛНО́К *м* 1) *см.* **чёлн** 2) *тех.* раца, челнок *(букъарулеб машинаялъул)*

ЧЕЛНО́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое 1) рацаялъулаб; 2) **~ый маршру́т** транспорталъул кIиго пункталда гьоркьоб добе-нахъе хьвади 3) **~ая дипло́мат**ия цо дипломатас кIиго пачалихъалда гьоркьоб цин цоялде, цинги цогиялде хьвадун гьабулеб дипломатия

ЧЕЛО́ *с уст. поэт* нодо; **бить ~м** *кому-л.* бетIер чIван гьаризе; икрам гьабизе

ЧЕЛОБИ´ ТНАЯ *ж ист.* хъван кьолеб гIарза

ЧЕЛОВЕ́К *м* гIадан, инсан, чи; **рабо́чий ~** хIалтIухъан, хIалтIулев чи; **обыкнове́нный ~** гIадатияв чи (инсан); **че́стный ~** ракI бацIцIадав чи; **молодо́й ~** гIолохъанчи; **по пять рубле́й на ~а** цо-цо чиясе щу-щу гъурущ; **вас спра́шивает како́й-то ~** кинавалиго чияс мун цIехолев вуго

ЧЕЛОВЕКО-ДЕ́НЬ *м* гIадан-къо (*хIалтIул къадар*)

ЧЕЛОВЕКОЛЮБИ́ВЫЙ, -ая, -ое гIадан-инсан вокьулев, инсанасде рокьи бугев, инсан хирияв

ЧЕЛОВЕКОЛЮ´ БИЕ *с* гIадан-инсан вокьи (хиралъи), инсанасде рокьи букIин; гIадамасда рахIму буголъи

ЧЕЛОВЕКОНЕНАВИ́СТНИК *м* инсан рихарав чи, инсанасдаса ракI гъанцIарав чи

ЧЕЛОВЕКОНЕНАВИ́СТНИЧЕСТВО *с* инсан рихин, инсанасдаса ракI гъанцIи, инсанасде рокьукълъи

ЧЕЛОВЕКОНЕНАВИ́СТНИЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое инсан рихараб, инсанасдаса ракI гъанцIараб, инсанасде рокьукълъи бугеб; инсанасде рокьукълъиялъул цIураб

ЧЕЛОВЕКООБРА́ЗН//ЫЙ, -ая, -ое гIадамасул куц бугеб, гIадамасда релълъараб, гIадан гIадаб; **~ая обезья́на** гIадамасда релълъараб маймалак

ЧЕЛОВЕКОПОДО́БНЫЙ, -ая, -ое гIадамасул тайпаялъул, гIадамасда релълъараб, гIадан кинигияб, гIадан гIадинаб

ЧЕЛОВЕ́КО-ЧА́С *м* гIадан-сагIат (*захIматалъул роцен*)

ЧЕЛОВЕ́ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое 1) инсанасул, гIадамасулаб; **~ий род** инсанасул агъулу 2) инсанлъиялъулаб, инсаниятлъулаб, гIадамазул гIадаб; **~ое обраще́ние** гIаданлъиялъулаб бербалагьи

ЧЕЛОВЕ́ЧЕСТВО *с (люди)* инсаният, гIадамал

ЧЕЛОВЕ́Ч//ИЙ, -ья, -ье гIадамасул; **доноси́ лись ~ьи голоса́** гIадамазул гьаркьал ргIулел рукIана

ЧЕЛОВЕ́ЧНОСТЬ *ж* гIадан хиралъи, гIаданлъи буголъи (букIин)

ЧЕЛОВЕ́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое хIеренаб, инсанияб, гIаданлъи бугеб; **~ое отноше́ние** гIаданлъи бугеб балагьи

ЧЕЛЮСТ//НО́Й, -ая, -ое чIандероялъулаб, чанагъалъулаб; **~а́я кость** нилъалзул ракьа; **~а́я опера́ция** чIандероялъул (чIандероялъе) операция

ЧУВСТВИ́ ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*восприимчивый*) бичIчIи бугев, хехго (бигьаго) асар лъугьунев; цIодораб, рекIелъе бортулеб; **~ый хо́лод** рекIелъе бортулеб квач 2) (*сентиментальный*) ракI теIеренаб, назукаб 3) *перен.:* **~ый прибо́р** цIакъ мухIканаб, дурусаб гьитIинабги асар лъалеб, босулеб прибор 4) *перен. разг. (заметный*) бихьулеб, баянаб, гьорлъа батIа гьабизе кIолеб, кIудияб; **~ая ра́зница** баянаб батIалъи, кIудияб батIалъи

ЧУ́ВСТВ//О *с* 1) (*способность ощущать*) бичIчIи, асар; **о́рганы ~а** асаралъул лугби, къватIисан лъай босулел лугби 2) (*сознание*) лъай; **упа́сть без ~** лъавудаса ине, рекIедаса ун гIодов ккезе; **привести́ в ~о** лъавуде вачIинавизе, рекIеде вачIинавизе 3) (*совокупность ощущений*) асар; **~о бо́ли** унтул асар; **ра́достное ~о** рохалилаб асар 4) (*проникновенность*) гъира-шавкъ; **игра́ть с ~ом** гъира-шавкъалда хъвазе (хIазе) 5) (*душевность*) рекIелъе боси 6) *чего и какое (осознание*) рекIелъе борти, бичIчIи 7) (*любовь*) рокьи, асар; **большо́е ~о** кIудияб асар (рокьи) ◊ **~о ло́ктя** цоцазе кумек (мугъчIвай) гьаби; гьудул-гьалмагъльиялъул асар

ЧУ́ ВСТВОВАТЬ *несов. что* 1) (*испытывать*) бихьизе, лъазе; **~ го́лод** ракъи бихьизе; **~ страх** хIинкъи лъазе; **~ волне́ние** рахIатхвей бичIчIизе **~ тепло́** хинлъи лъазе 2) (*воспринимать, предугадывать чутьем*) бичIчIизе, лъазе, нахъгIунтIизе; **я ее не ви́ жу, но чу́вствую, что она́ тут** гьой дида йихьуларо, амма гьаний гьей йикIин бичIчIулеб буго 3) (*понимать*) бичIчIизе, лъазе, бихьизе; **~ му́зыку** музыка (бакъан) бичIчIизе; **~ свои́ недоста́тки** жиндирго гъалатIал рихьизе (лъазе) ◊ **как вы себя́ чу́вствуете?** дур хIал (сахлъи) кин бугеб? **он чу́вствует себя́ пло́хо** дов кеп гье-чIого вуго; **ста́рая ра́на даёт себя́ ~** цебегосеб ругъун гьанжеги унтула

ЧУ́ ВСТВ//ОВАТЬСЯ *несов. безл.* хIалалда бичIчIун букIине, хIалалдасан бичIчIулеб букIине, бичIчIизе, лъазе; **~уется хо́лод** квач лъалеб буго; **~уется приближе́ние о́сени** хасалихълъи гIагарлъулеб букIин лъалеб буго

ЧУВЯ́ КИ *мн.* (*ед.* **чувя́ к** *м*) мачуял

ЧУГУ́Н *м* 1) (*металл*) хъазан 2) хъазмил хьаг, хъазмил цIарагI

ЧУГУ́НКА *ж* 1) *разг.* хъазмил печь 2) *прост. уст.* маххул нух

ЧУГУ́НН//ЫЙ, -ая, -ое хъазмил, хъазаналъул гьабураб; **~ая плита́** хъазмил къоно

ЧУГУНОЛИТЕ́ЙНЫЙ, -ая, -ое **чугуноплави́льный,** -ая, -ое хъазан биунеб; **~ завóд** хъазан биунеб завод

ЧУДА́К *м* тамашаяв чи, гIажаибав инсан

ЧУДАКОВА́ТОСТЬ *ж* тамашамахIав вукIин, тамашаял хасиятал ругев вукIин, тамашалъи

ЧУДАКОВА́ТЫЙ, -ая, -ое тамашамахIав, гIажаибав, тамашаял хасиятал ругев; **~ стари́ к** тамашаял хасиятал ругев херав чи

ЧУДА́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое тамашаяв, гIажаибав чиясе хасиятаб, хIикматаб

ЧУДА́ЧЕСТВО *с* 1) (*странность*) гIажаибаб хасият букIин, тамашаяб гIамал-тIабигIат буголъи 2) (*чудаческий поступок*) тамашаяб иш

ЧУДА́ЧИТЬ *несов. разг. см.* **чуди́ ть**

ЧУДЕСА́ *мн. см.* **чу́до**

ЧУДЕ́СН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*необычайный, являющийся чудом*) гIаламатаб, гIажаибаб, хIикматаб; **~ое спасе́ние** хIикматаб хвасарлъи, гIажаибаб хвасарлъи 2) (*очень хороший*) цIакъ лъикIаб, цIакъ гьайбатаб, цIакъ берцинаб, цIакъаб, гьайбатаб; **~ый день** цIакъаб къо; **~ый ребёнок** гьайбатаб лъимер

ЧУДИ́ТЬ *несов. разг. (вести себя чудно, дурить*) тамашаял жал гьаризе, рихьахIарал жал гьаризе, махсараби гьаризе, мекълъизе 2) (*дурачиться*) гIадалал жал гьаризе, гогьдаризе

ЧУ́ДИТ//ЬСЯ *несов. разг.* бугилан ккезе, цебе тIамизе, щибниги жо бугеблъун, ргIулеб гIадин ккезе; **емý ~ся стук в дверь** гъосда нуцIида кIутIулеб бугилан кколеб буго

ЧУ´ ДИЩЕ *с уст. см.* **чудóвище**

ЧУДНО́ 1. *нареч. разг.* тамашаго, гIажаибго, гIаламатго; **он ведёт себя́ ~** гъов гIажаибго хьвада-чIвадулев вуго 2. *в знач. сказ. безл.* тамашалъи буго, гIажаиблъи буго, гIаламалъи буго; **э́ то ~** гьеб тамашалъи буго; гьеб цIакъ лъикI буго

ЧУДНО́Й, -а́я, -о́е *разг.* тамашояб, гIажаибаб, гIаламатаб; **~ челове́к** тамашаяв чи

ЧУ´ ДНЫЙ, -ая, -ое 1) хIикматаб, гIажаибаб, цIакъ лъикIаб 2) (*очень красивый*) цIакъ берцинаб, гьайбатаб; **~ челове́к** гьайбатав чи

ЧУ́ДО *с* 1) (*мн.* **чудеса́**) гIаламалъи, гIажаиблъи, гIажаибаб жо; **твори́ ть ~** хIикматаб жо гьабизе, гIажаибаб жо гьабизе 2) (*мн.* **чудеса́**) (*нечто выдающееся*) цIакъ цебетIураб жо, хIикматаб жо; **чудеса́ геро́и зма** бахIарчилъиялъиялъул хIикматал гьунарал 3) *рел.* мугIжизат, карамат; **не ве́рить в чудеса́** мугIжитазда божунгутIизе 4) *в знач. сказ. или опред.* тамашаяб буго, гIажаибаб буго; **пого́да сего́дня – ~** жакъа гьава-бакъ гIажаибаб буго ◊ **чудо-богаты́рь** кIудиял гьунарал рагъулъ гьарурав бахIарчияв ра-гъухъан; **чу́до-ю́до** *нар.-поэт.* аздагьо; **чудеса́ в решете́** цIакъ гIажаибал, тамашаял, божизе захIматал жал

ЧУДО́ВИЩЕ *с* 1) *фольк.* гIорхъолъа ун кIудияб, маргьабалъ букIунеб гIадаб тамашаяб жо, ракI гьанцIизабулеб, пахьтIизабулеб жо, аздагьо 2) *перен. (о человеке)* цIакъ квешаб гIамалалъул, гIурхIел гьечIев, хъачIав, согIав чи; цIакъ квешав чи

ЧУДО́ВИЩН//ЫЙ, -ая, -ое 1) залимаб, балагьаб, цIакъ кIудияб, гIорхъолъа борчIараб, гIажаибаб; **~ый зверь** цIакъ кIудияб жанавар 2) *перен.* цIакъ квешаб, ракI пахьтIизабулеб, ракI гьанцIизабулеб; **~ое преступле́ние** ракI гьанцIизабулеб такъсирияб иш 3) *перен. разг.* цIакъ кIудияб, цIакъ зорбаяб; **~ые разме́ры** цIакъ кIудиял роценал

ЧУДОДЕ́ЙСТВЕНН//ЫЙ, -ая, -ое *книжн.* гIажаибго асар гьабулеб; гIажаибаб иш гьабулеб; хIикматаб асар гьабулеб; **~ое сре́дство** хIикматго асар гьабулеб дару; **~ая си́ла иску́сства** искусствоялъул хIикматго асар гьабулеб къуват

ЧУ́ДОМ *нареч.* гIажаибго, хIикматго, тамашаго; хIалалъ, хIалица; **они́ ~ спасли́сь** дол хIалица рорчIана (хвасарлъана), дол гIажаибго хвасарлъана

ЧУДОТВО́РЕЦ *м* 1) *рел.* мугIжизат бугев (гьабулев) чи, караматлъи бугев (гьабулев) чи 2) *перен.* хIикматал жал гьарулев чи, ракIал хIайран гьарулев чи

ЧУДОТВО́РНЫЙ, -ая, -ое 1) *рел.* мугIжизат бугеб (гьабулеб), караматлъи бугеб (гьабулеб) 2) *перен.* хIикматал жал гьарулеб, ракIал хIайран гьарулеб, хIикматаб, гIажаибаб; **~ кли́мат** гIажаибаб гьава-бакъ

ЧУЖА́К *м* 1) (*пришлый*) апараг, гьаниса гурев, вачIун чIарав 2) *перен. (чуждый)* чиярав, ракIалъ восуларев, къабул гьавуларев 3) гIагарав гурев чи

ЧУЖАНИ´ Н *м уст. см.* **чужа́к**

ЧУЖБИ´ Н//А *ж* чияр ракь; **тосковáть на ~е** чияр ракьалда чIалгIине, рокъобе ракI щвезе

ЧУЖДА́ТЬСЯ *несов.* нахъе цIан чIезе, нахъе къан вукIине, гъорлъе лъугьунгутIизе; **~ друзе́й** гьудулзабаздаса нахъе кIанцIун чIезе 2) *перен. чего кинаб бугониги* хасият-гIамалалдаса вацIцIад чIезе; *цо сунденги* интерес гьечIевлъун вукIине; эркенавлъун вукIине

ЧУ́ЖД//ЫЙ, -ая, -ое 1) чияр 2) ракIалъ босулареб, къабул гьабулареб; 3) *цо кинаб бугониги* гIамал-хасияталдаса эркенав; **челове́к, ~ый за́висти** жахIдаялдаса вацIцIадав чи

ЧУЖЕЗЕ́МЕЦ *м уст.* чияр ракьалъул чи, чияр улкаялъул чи, улка батIияв

ЧУЖЕЗЕ́МКА *ж уст.* чияр ракьалъул чIужу (гIадан), чияр улкаялъул чIужу (гIадан), улка батIияй

ЧУЖЕЗЕ́МНЫЙ, -ая, -ое чияр улкаялъулаб, батIияб улкаялдасан бугеб

ЧУЖЕСТРА́НЕЦ *м уст. см.* **чужезе́мец**

ЧУЖЕСТРА́НКА *ж уст. см.* **чужезе́мка**

ЧУЖЕСТРА́ННЫЙ, -ая, -ое *уст. см.* **чужезе́мный**

ЧУЖ//О́Й, -а́я, -о́е 1. 1) чияр; **ые ве́щи** чияр къайи**; ~ой челове́к** чияр чи; **~и́е края́** чияр ракьал 2) (*посторонний*) чияр, чияраб, къватIисеб; **~и́е лю́ди** чияр чагIи 3) (*далекий по духу*) ракIалъ восуларев, къабул гьабуларев; **они́ ~и́е друг дру́гу** гъол цоцазе къабуллъуларо 2. 1) *в знач. сущ.* **~о́е** *с* чияраб; **э́ то ~о́е** гьеб чияраб; **взять ~о́е** чияраб босизе 2) *в знач. сущ.* **~о́й** *м* чиярав 3) *в знач. сущ.* **~и́ е** *мн.* чиярал; **стесня́ться ~и́ х** чияраздаса нечезе ◊ **с ~и́ х слов** чияр ргIабаздасан; **~и́ ми рука́ми жар загреба́ть** *посл.* чияца гьабураб хIалтIудаса пайда босизе, (*букв.*) чияр кверадалъун цIа хъиршизе (зарарияб, хIинкъи бугеб иш гьабизе цогидал тIамизе)

ЧУ´ КЧА *м* чукчав, чукча

ЧУКЧА́НКА *ж* чукчай

ЧУ´ КЧИ *мн.* чукчал

ЧУЛА́Н *м* нахъарукъ, къайи-цIа, кваналеб жо лъолеб рукъ

ЧУЛ//КИ´ *мн.* (*ед.* **~о́к** *м*) цIиндакIал, щватаби

ЧУЛО́ЧЕК *м уменьш. от* **чулки́**

ЧУЛО́ЧНИЦА *ж* цIиндакIал хьухьуней чIужу, щватаби хьухьуней гIадан

ЧУЛО́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое щватабазул, щватаби гьарулеб**; ~ая фа́брика** щватаби гьарулеб фабрика, щватабазул фабрика

ЧУМ *м* чум, чадир (*севералда цIаказ, макъаралъ тIокъараб рукъ*)

ЧУМА́ *ж мед.* чума, къавуда

ЧУМА́ЗЫЙ, -ая, -ое *разг.* хъубав, чорокав, гьизарав, къаргIа чIварав; **~ мальчуга́н** чорокав вас

ЧУМИ́ЧКА 1) *ж* кIудияб гел, чурпа тIолеб гел 2) *м и ж перен. прост.* чорок, гIоргел, гIорог

ЧУМН//О́Й, -а́я, -о́е 1) къавудал, чума унтул 2) (*зараженный чумой*) къавуда бугеб; **~о́е живо́тное** къавуда бугеб (къавудаялъ унтараб) хIайван, къавуда щвараб хIайван

ЧУМОВО́Й, -а́я, -о́е *прост. (шальной)* гIакълу биххарав; ракIалде ккара-ккараб гьабулев, ахIмакъав

ЧУР *межд. разг.* те, хъваге, те, воре

ЧУРА́ТЬСЯ *несов.* 1) *прост.* теян абизе, хъвагеян абизе 2) *разг.* нахъегIан къан чIезе, батIа кIанцIун чIезе, гъорлъе лъугьунгутIизе, *сундасаниги* цIунун чIезе

ЧУРБА́Н *м* 1) хIехь, хIанкIвара; **берёзовый ~** махил хIехь 2) *разг. бран.* ахIмакъ, гIабдал, хIехь

ЧУРЕ́К *м* чурек, чед (*тIеренаб*)

ЧУ´ РКА *ж* гьитIинаб къокъаб бурди; цIулал, маххул кесек

ЧУ́ТК//ИЙ, -ая, -ое 1) ракI борчIарав, ракI цIодорав; цIодораб; **~ое у́хо** цIодораб гIин 2) *перен. (отзывчивый)* ракI тIеренав, хIеренав, гурхIулев, цогидасул ургъел бичIчIулев, чияр дард лъалев; **~ое отноше́ние к лю́дям** гIадамаздехун гурхIараб бербалагьи

ЧУ́ТКО *нареч.* 1) цIодорго 2) *перен.* хIеренго, гурхIун, цогидасул ургъел бичIчIуледухъ, дард лъаледухъ

ЧУ́ТКОСТЬ *ж* 1) ракIцIодорлъи, цIодорлъи 2) *перен. (отзывчивость)* хIеренлъи, гурхIел букIин,ургъел бичIчIи, дардал лъай

ЧУТО́К *нареч. прост.* цодагьалъ, цодагьабго

ЧУ́ТОЧК//А *ж* 1) **~у** *нареч.* дагьабго, цодагьабго, цодагьалъ; **~у отдохну́** цодагьалъ хIухь бахъила 2) **ни ~и** *нареч. разг.* кигIан дагьабниги, расниги, махIниги; **я ни ~и не уста́л** дун расниги свакачIо

ЧУТЬ 1. *нареч.* 1) (*едва, еле*) хIалица; ~ **живо́й** хIалицаго чIаго хутIарав 2) (*немного*) дагьабго, дагьалъ; **~ бо́льше** дагьабго цIикIкIун 2. *союз (как только)* -го; ~ **свет – уж на нога́х** канлъи лъарабго (хъахIлъи балаго, рехулаго) тIаде рахъуна ◊ **~ ли не …** тIубанго гIадин; **~ (бы́ ло) не…** цо дагьалъ, цо дагьаб хутIана; **~ -~** цодагьаб, дагьа-макъаб; цIакъго дагь

ЧУТЬЁ *с* 1) (*животного*) махI лъай; махI лъан бажари; нахъгIунтIи; хIалада бичIчIи, хIаладасан лъай, бичIчIи 2) *перен. сундуениги* гьунар, пагьму букIин; ~ **языка́** мацIалъе пагьму-гьунар букIин (тIеренго бичIчIи)

ЧУ́ ЧЕЛО *с* 1) чиякIо; ~ **медве́дя** цил сурат бугеб чиякIо 2) *перен. прост. бран.* квешаб, хвараб, чорокаб ретIел ретIарав чи

ЧУ́ ШКА[1] *м разг.* гIолохъанаб болъон, болъонил тIинчI

ЧУ́ ШКА[2] *тех.* биун тIураб металлалъул кесек

ЧУШЬ *ж разг. (ерунда, нелепость)* чIанда, гIахъучI, гьадингояб рагIи, чIобогояб рагIи; **нести́ (говори́ ть)** ~ гIантал жал рицине (абизе), чIанда бицине, гIахъучIал риччазе

ЧУ́//ЯТЬ *несов.* 1) *кого-что* махI лъазе; махI сунтIун лъазе, махI чIвазе; бичIчIизе; **соба́ка ~ет дичь** гьойда чанил махI чIвалеб буго 2) *что перен. разг.* бичIчIизе, лъазе, ракIалъ бицине; **~ет моё се́рдце** дир ракIалъ бицунеб буго ◊ **~ять ног или ног под собо́й не ~ет** гIемерго вохиялъ цIакъ хехго ине (векеризе), ракъалда хIетI хъвачIого ине

ЧУ́ ЯТЬСЯ *несов. разг.* лъалеб, бичIчIулеб букIине

Ш

ША́БАШ *м* 1. жугьутIазул диналда рекъон, шамат къоялъул хIухьбахъи 2. *фольк.*: ~ **ведьм** щайтIабигун рекъаразул сардилаб данделъи

ШАБА́Ш *неизм. в знач. сказ. прост. (хватит, кончено)* гIела,лъугIизе заман швана

ШАБА́ШИТЬ *несов. прост.* хIалтIи лъугIизабизе *яги* гьоркьоб къотIизабизе (перерыв гьабизе)

ШАБА́ШКА *ж разг.* шабашка, тIаде щвезабураб гIарац; рекIкIалдалъун щвезабураб гIарац, гьабизе кколеб хIалтIи гьабичIого швараб гIарац

ШАБА́ШНИК *м разг.* шабашник, тIаде гIарац щвезабулев чи; рекIкIалдалъун гIарац щвезабулев чи, гьабизе кколеб хIалтIи гьабичIого гIарац щварав чи

ШАБА́ШНИЧАТЬ *несов. разг.* тIаде гIарац щвезабизе; рекIкIалдалъун гIарац щвезабизе, гьабизе кколеб хIалтIи гьабичIого гIарац щвезабизе

ШАБЛО́Н *м* 1) *тех.* шаблон, куц 2) *перен. (штамп)* шаблон (*пикру бициналъул чIалгIараб, гIемер хIалтIизабураб, басралъа-раб мисал*); **рабо́тать по ~у** гIемер хIалтIизабураб кьагIидаялда рекъон хIалтIизе, кидаго цого кьагIидаялъ хIалтIизе

ШАБЛО́НН//ЫЙ, -ая, -ое (*банальный, избитый*) шаблонияб, цого кьагIидаялъулаб, гIемер хIалтIизабураб (бицараб), гIемер чIамураб, басралъараб; **~ая фра́за** гIемер хIалтIизабураб фраза; **~ый отве́т** цого кьагIидаялъулаб жаваб

ША́ВКА *ж разг.* азбаралъуб букIунеб яги рокъоб хьихьулеб тайпадулаб гуреб гьитIинаб гьой, шавка

ШАГ *м* 1) гали; **сде́лать ~ вперёд** цебе гали тIамизе 2) *мн.* **~и́** (*звук*) хIатIил гьаракь; **слышны́ ~и́** хIатIил гьаркьал рагIулел руго 3) (*темп движения*) рилъгьиналъул (галаби тIамиялъул) хехлъи-хьадарлъи; **заме́длить ~** гали тIами хьадарлъизабизе; **уско́рить ~** гали тIами хехлъизабизе; **приба́вить ~у** гали цIикIинабизе 4) (*походка*) рилъгьин, галул роси; **твёрдый ~ ракI чIараб** рилъгьин 5) *перен. (поступок)* гIамал, иш; **ло́жный ~** битIараб гьечIеб (мекъаб) иш; **необду́манный ~** лъикI ургъичIого тIамураб гали (гьабураб иш); **риско́ванный ~** хIинкъи бугеб иш ◊ **на ка́ждом ~у** киса-кибего; **в не́скольких ~ах** цIакъ гIагарда, аскIоб; **пе́рвый ~** тIоцебесеб гали, байбихьи, *цо щибниги жо (иш)* гьабизе лъугьин; ~ **вперёд** гьабулеб жоялъулъ (ишалъулъ) бергьенлъи; ~ **наза́д** гали нахъехун тIами; ~ **за ~ом** бигьа гьабун, гьаругьин, дагь-дагь ккун, дове-гьаниве кьуричIого

ШАГА́ТЬ *несов.* 1) вилъгьине, вилъгьанхъизе, галаби тIамизе, галаби рахъун хьвадизе 2) *перен. (переступать)* жанибе гали тIамизе; ~ **че́рез поро́г** рокъове жаниве лъугьине (рагьумахIу бахине)

ШАГА́ЮЩИЙ, -ая, -ое хьвадулеб, галаби тIамулеб ◊ **~ экскава́тор** хьвадулеб (галаби тIамулеб гIадин цебехун унеб) экскаватор

ШАГНУ́ТЬ *однокр. к* **шага́ть;** гали тIамизе, гали бахъизе; ~ **не даю́ т** гали бахъизе гьукъулеб буго, гали тIамизе толеб гьечIо (эркенго иш гьабизе толеб гьечIо)

ША́ГОМ *нареч.* гали тIамун; **идти́ ~** гали тIамун ине

ШАГОМЕ́Р *м* лъелго тараб манзилалда галул къадар борцунеб алат (галиборц)

ШАГРЕ́НЬ *ж* шагрень (*лакай гIадаб тамахаб лъугьараб цIоко*)

ШАЖКО́М *нареч. разг.* гIисинал ризал галаби тIамун, гIисинал галабаздалъун

ША́ЙБА *ж* 1) *тех.* шайба (*буравалда, гайкаялда гъоркь тIамулеб тIеренаб маххул гор*) 2) *спорт.* шайба (*хоккей хIалелъул хIалтIизабулеб резиналъул)*

ША́ЙКА[1] *ж* къокъа, шайка (*хъачагъазул, квешал чагIазул къокъа*); **воровска́я ~** цIогьязул къокъа

ША́ЙКА[2] *ж* гIоркьги бугеб цIулал тIуцаб ведро (*хIамамалъул ведро*); кIиго гIоркь бугеб тIарс (*хIамамалда чвердезе хIалтIизабулеб*)

ШАКА́Л *м зоол.* чакъал

ШАЛА́ *ж бот.* чалтук (*бацIцIад гьабичIеб бекьизе тараб пиринчI)*

ШАЛА́НДА *ж* шаланда (*баржаялъул, расаялъул цо тайпа*)

ШАЛА́Ш *м* хъош

ШАЛЕ́ТЬ *несов. разг.* пикру мукъсанлъизе, гIакълу дагьлъизе, гIадаллъизе

ШАЛ//И́ ТЬ *несов.* 1) гогьал жал гьаризе, гьачдезе, расандизе; **не ~и́те** гьачдоге, расандуге 2) *уст. разг. (разбойничать)* хъачагълъи, талавурчилъи гьабизе 3) (*неправильно действовать*) мекъса хIалтIизе, хьвадизе, ине; **здоро́вье ~и́т** сахлъи квешлъулеб буго; **часы́ ~я́ т** сагIат мекъса хIалтIулеб буго

ШАЛИ́ ШЬ! (*не удастся*) *прост.* бажариларо! кIвеларо!

ШАЛОВЛИ́ВОСТЬ *ж* гогьдари, гьачдей; гогьдаризе, гьачдезе бокьи

ШАЛОВЛИ́ ВЫЙ, -ая, -ое гогьал жал гьарулеб, цо хIалалда чIолареб, басандулеб, чIолареб; ~ **ребёнок** цо хIалалда чIолареб лъимер; ~ **взгляд** гогьаб балагьи

ШАЛОПА́Й *м разг.* гогьма, ишгьечI, синква, гьагула

ШАЛОПА́ЙНИЧАТЬ *несов. разг.* щибго иш гьабунгутIизе, расги гьабичIого чIезе, чIалгIаде чIезе, гIадада чIезе

ШАЛОПУ́ТНЫЙ, -ая, -ое *разг.* гIадалав, ахIмакъав, хIалихьатав, саяхъав, пучав; тIадагьаб пикруялъулаб, тIадагьаб гIакъулуялъулаб

ША́ЛОСТЬ *ж* кепалъе, рекIелгъеялъе гьабураб иш; тIадагьаб, сурукъаб иш

ШАЛУ́Н *м* гогьав вас, гIемер васандулев вас, гьагав вас (гогьма, гьагула, васанду)

ШАЛУ́НЬЯ *ж* гогьай яс, гIемер ясандулей яс, гьагай яс, гогьма (гогьма, гьагула, ясанду)

ШАЛФЕ́Й *м бот.* шалфей (*хъахIилаб тIегьалъул дарудуе хIалтIизабулеб хер*)

ША́ЛЫЙ, -ая, -ое *прост. см.* **шально́й**

ШАЛЬ *ж* шал (*ххамил яги хьухьун гьабураб*), кIаз

ШАЛЬН//О́Й, -а́я, -о́е 1) гьалагаб, цо хIалалда чIолареб 2) гIакълу биххарав, квер биххараб; **~ая пу́ля** саяхъаб гулла; **~ые де́ньги** захIмат бихьичIого швараб гIарац

ШАМА́Н *м* шаман (*мажусиязул кашиш*)

ШАМА́НИТЬ *несов.* шаманлъи гьабизе, рухIазе (жаназабазе) лагъалъи гьабизе

ШАМА́НСТВО *с* шаманлъи (*рухIазе, жаназабазе лагъалъи гьабулеб мажуси дин*)

ША́МКАТЬ *несов.* ланчI-ланчIиялда, чIванкI-чIванкIиялда кIалъазе, магIна босизе кIоларедухъ кIалъазе, гъула-тулараб каламалдалъун кIалъазе (*цаби гьечIел чагIазул кIалъаялде абула*)

ША́МОТ *м тех.* бухIараб хIатIракь ва гьелъун гьабураб кирпич

ША́МПАНСКОЕ *с* шампанское

ША́МПИНЬО́Н *м бот.* чIинтIараб бетIералъул хъахIаб гIурдахIан

ША́МПУ́НЬ *м* шампунь (*бетIер чурулеб лъамалъи*)

ША́МПУ́Р *м* шампур (*шашлыкал тIад холеб бегIераб маххул чIор)*

ША́НКР *м мед.* шанкр (*бахунеб венерикияб унти),* саяхъунти

ША́НС *м* иш битIун ккеялъе бугеб шартI, хъул, божел; **~ы на успе́х** мурадалде швеялъе шартIал; **после́дний ~** ахирияб хьул; **упусти́ ть ~** божел борчIизе биччазе; **у него́ нет никаки́ х ~ов на вы́ игрыш** бергьиналде досул хьул гьечIо

ША́НТАЖ *м* хIинкъизави, *кинаб букIаниги мурадалда* балъголъи бицинилан, суризавилилан хIинкъаби кьей

ША́НТАЖИ́РОВАТЬ *несов. кого-что щивниги* хIинкъизавизе, хIинкъаби кьезе

ША́НТАЖИ́СТ *м щивниги* хIинкъизавулев, *лъиениги* хIинкъаби кьолев чи

ША́НТРАПА́ *м., ж и собир. прост. бран.* щибниги жо бажаруларев, гьадингояв чи, щивго гурев чи, магъакъ

ША́ПИРОГРА́Ф *м тех.* шапирограф, (*квералъ хъвараб жо гIемер гьабун бахъулеб аппарат*)

ША́ПК//А *ж* 1) тIагъур; **кара́кулевая ~а** бухари тIагъур 2) *полигр.* шапка (*мIехьалъул кIудиял хIарпаз хъвараб гьумералъул бетIерал рагIаби; газеталда цо чанго макъалаялъе гIаммаб бетIер*) ◊ **по ~е дать** *кому прост.* а) (*ударить*) кьабизе б) (*уволить*) хIалтIудаса нахъе гьавизе; **~ами закида́ем** хехго ва бигьаго бергьина (*реццарун абулел рагIаби*)

ША́ПОЧНИК *м* тIагъразул устар

ША́ПОЧН//ЫЙ, -ая, -ое тIагъразул; **~ая мастерска́я** тIагъразул мастерская ◊ **~ое знако́мство** ракIалдаго гьечIого ккараб лъай-хъвай; тIаса-масагояб лъай-хъвай; **прийти́ к ~ому разбо́ру** кинабго лъугIараб (киналго араб) мехалъ тIаде щвезе

ША́Р *м* шар, гургинаб жо; **бильяр́дные ~ы́** бильярдалъул шарал; **ра́диус ~а** шаралъул радиус ◊ **возду́шный ~** гьаваялъул (газалъул) цIезабураб боржунеб аппарат; **земно́й ~** дуниял; ракъул шар ◊ **хоть ~ом покати́** щибниги гьечIо, чIобого буго

ША́РАБА́Н *м* шарабан (*фаэтоналъул цо тайпа*)

ША́РА́ДА *ж* шарада (*цо чанго рагIиялдасан гIуцIараб ва жиб магIна бугел бутIабазде бикьизе бегьулеб гьикъараб рагIи*) (*бицанкIо-расанди*)

ША́РА́ХАТЬСЯ *несов. см.* **шара́хнуть(ся)**

ША́РА́ХНУТЬ *сов. кого-что и без доп. прост.* хохлъукье квешго (кутакалда) кьабизе, рухизе; **~ по голове́** ботIролъ чвархъан ба-хъинабизе

ША́РА́ХНУ//ТЬСЯ *сов. разг.* 1) циндаго цояб рахъалдехун кIанцIизе; **ло́шадь ~лась в сто́рону** чу циндаго цояб рахъалдехун кIанцIана 2) *сунданиги* кутакалда тункизе, кьабизе; **ло́дка ~лась бо́ком о де́рево** раса хьибилса кутакалда гъотIода тункана

ША́РЖ *м* шарж (*карикатурияб махсараялъулаб сурат*); **дру́жеский ~** гьудуллъиялъулаб шарж

ША́РЖИ́РОВАТЬ *несов.* гIадамасул цо хасал рахъал цере рехизарун, кIодо гьарун махсараялъулаб сурат бахъизе

ША́РИА́Т *м мус.* шаригIат

ША́РИА́ТСК//ИЙ, -ая, -ое шаргIияб; **~ое дозволе́ние** шаргIияб нух, шаргIалъ нух кьей

ША́РИК *м* 1) *уменьш. от* **шар** 2) *мн.* **~и** *физиол.* шарикал, бидул гарал; **кра́сные кровяны́е ~и** бидул багIарал гарал; **бе́лые кровяны́е ~и** бидул хъахIал гарал ◊ **у него́ ~ов не хвата́ет** *разг. шутл.* дагьав камурав вуго дов, гIакълу мукъсанав вуго дов

ША́РИКОВ//ЫЙ, -ая, -ое шарикалъулаб; **~ая автору́чка** шарикалъулаб авторучка, шарик бугеб авторучка

ША́РИКОПОДШИ́ПНИК *м* шарикоподшипник, шариказул подшипник

ША́РИКОПОДШИ́ ПНИКОВЫЙ, -ая, -ое шарикоподшипникалъул, шарикоподшипниказулаб; **~ заво́д** шарикоподшипникал гьарулеб завод

ША́РИТЬ *несов. разг. (искать ощупью*) квер кваршун балагьизе; ваккаризе, квер хъатIун балагьизе; **~ в карма́нах** кисиниве ваккаризе; **~ рука́ми в темноте́** бецIлъуда кверал кваршун, балагьизе; **~ по чужи́м карма́нам** цIогьодизе, чияр чунтбузухъе ваккаризе ◊ **~ глаза́ми** киналдего бер щвезабизе, кинабго жоялда берал речIчIизаризе

ША́РКАНЬЕ *с* (*по гл.* **ша́ркать**) 1) хъваши бахъинаби чвархъи бахъинаби 2) хъваши, чвархъи

ША́РКАТЬ *несов.* 1) *чем и без доп.* хъваши бахъинабизе; хъваши букIине; **~ туфля́ми** хьитаз хъваши бахъинабизе 2) *уст. (при приветствии*) цо эгъе цогиялда кьабизабизе, тункизабизе, чвархъи бахъинабизе *(честь кьолаго);* **~ ного́й** хIатIица чвархъи бахъинабизе 3) *разг.* хIатIалги хадур рехъерхъун вилъльине *(хъвашиялда)*

ША́РКНУТЬ *однокр. к* **ша́ркать**

ША́РЛАТА́Н *м* жо лъалевлъун хIалев, лъавухъ, хIарамзада, гьересичи

ША́РЛАТА́НИТЬ *несов.* хIарамзадалъи гьабизе, гIадамал гуккизе

ША́РЛАТА́НСТВО *с* хIарамзадалъи, гукки

ША́РМА́НКА *ж* 1) шарманка (*гIоркь кьурун хъвалеб аргъан*) 2) *перен.* чIалгIараб, гIемерцIул бицараб хабар

ША́РМА́НЩИК *м* шарманщик (*шарманкагун тира-сверулев, гочарулев чи)*

ША́РНИ́Р *м тех.* шарнир (*цоцада данде цун, бокьараб рахъалде тирулеб механизм*) ◊ **ходи́ть (дви́гаться) как на ~ах** рахIат гьечIого, гIедегIун рахъ-рахъалде хьвадизе (ине)

ША́РНИ́РН//ЫЙ, -ая, -ое шарниралъул, шарниралъулаб; **~ый механи́ зм** шарниралъулаб механизм; **~ая переда́ча** шарниралъулаб передача

ША́РОВА́РЫ *мн.* шарбал, тIажу; **широ́кие ~** гIатIидаб шарбал

ША́РОВА́ТЬ *сов. и несов. что с.-х.* кьурдузда гьоркьобакI гьогь гьабизе

ША́ТК//ИЙ, -ая, -ое 1) (*неустойчивый*) чIимигIаб, хьвагIолеб, чучаб, загIипаб; **~ий стол** хьвагIолеб стол 2) *перен.* тамахав, чучав, мугъчIвай гьабизе бегьуларев; **~ое положе́ние** лъикIаб гьечIеб хIал, божел гьечIеб хIал, ракIчIей гьечIеб хIал

ША́РОВИ́ ДНЫЙ, -ая, -ое шар гIадинаб, шаралда релъльараб

ША́РОВ//О́Й, -а́я, -о́е 1) шаралъул; гургинаб, шаралъул форма бугеб; **~а́я пове́рхность** гургинаб тIасияб рахъ; **~а́я мо́лния** гургинаб пири

ША́РОМЫ́ГА *м, ж* чиядасан бетIербахъи гьабизе бокьулев чи, чияр гъийин кваналев чи; жуликI

ША́РОМЫ́ЖНИК *м прост. см.* **шаромы́га**

ША́РОМЫ́ЖНИЧАТЬ *несов. прост.* чияр гъийин кваназе, чияца гьабураб кваназе; жуликIлъи гьабизе

ША́РООБРА́ЗНЫЙ, -ая, -ое шаралда релъльараб, гIомо гIадаб, торгIо гIадаб; **~ предме́т** шаралда релъльараб жо, гургинаб жо (предмет)

ША́РФ *м* шарф, габурбухъ; **шёлковый ~** дарайдул шарф

ША́ССИ́ *с нескл. тех.* 1) (*автомашины*) шасси (*автомобилалъул рама*) 2) (*самолета*) шасси *(самолеталъул боржине-рецIлине бугеб гIуцIи)*

ША́СТАТЬ *несов. прост.* свердизе, тиризе, хьвадизе *(гIадада, иш гьечIого);* ваккаризе; мугъ хъалалдаса бацIцIад гьабизе

ША́ТА́НИ//Е *с* 1. (*по гл.* **шата́ть**) хьвагIезаби, багъаризаби, чIучIадизаби 2. (*по гл.* **шата́ться**) хьвагIи, багъари, чIучIади 3. *перен.* цо ккураб нух гьечIолъи, васвасди; **иде́йные ~я** идеялъулал васвасдиял

ША́ТА́//ТЬ *несов. кого-что* хьвагIезабизе, багъаризабизе, чIучIадизабизе; **~ть столб** хIуби багъаризабизе, хIуби хьвагIезабизе

ША́ТА́//ТЬСЯ *несов.* 1) (*качаться, непрочно держаться*) хьвагIезе, багъаризе; **зуб ~ется** ца багъарулеб буго 2) *перен.* свердизе, тиризе, хьвадизе *(гIадада, иш гьечIого);* **~ться по го́роду** шагъаралда тира-сверизе (*иш гьечIого*) 3) *перен.* цо ккураб кьучIаб иш букIунгутIизе, васвасдизе

ША́ТЁН *м* бецIсурмияб кьералъул рас бугев чи

ША́ТЁНКА *ж* бецIсурмияб кьералъул рас бугей гIадан

ША́ТЁР *м* чадир; хъош

ША́ТИЯ *ж прост. пренебр.* къапила

ША́ТКОСТЬ *ж* 1) (*неустойчивость*) чIимигIлъи, чучлъи́, загIиплъи 2) *перен. (ненадежность)* тамахлъи, чучлъи́, мугъчIвай гьабизе бегьунгутIи

ШАТНУ́ ТЬ(СЯ) *однокр. к* **шата́ть(ся)**

ШАТРО́ВЫЙ, -ая, -ое (*имеющий форму шатра*) чадиралда релълъараб, чадир гIадаб

ШАТУ́Н *м* 1) *тех.* шатун (*поршеналдаги двигателалъул хIосалдаги гьоркьоб щула гьабураб бутIа*) 2) *прост.* (*бродяга*) саяхъ, къватIул тула, къватIалсвер, хIалтIичIого тира-сверулев вукIунев чи 3) хасало рукIнибе инчIого рохьоса гIебеде букIунеб ци

ШАТУ́ННЫЙ, -ая, -ое шатуналъулаб; ~ **механи́зм** шатуналъулаб механизм

ША́ФЕР *м* килисаяда магъари лъолелъул бахIарасул яги бахIаралъул ботIрода тIад таж кколев чи

ШАФРА́Н *м бот.* загIпиран

ШАХ[1] *м (титул)* шагь

ШАХ[2] *м шахм.* шах; **объяви́ ть** ~ **королю́** королалъе шах лъазабизе

ШАХИНША́Х *м* шахиншах (*Ираналъул шагь*)

ШАХИ́ НЯ *ж* шагьасул бика

ШАХМАТИ́ СТ *м* шахматист (*шахматаз хIалев чи*)

ШАХМАТИ́СТКА *ж* шахматистка (*шахматаз хIалей чIужугIадан*)

ША́ХМАТН//ЫЙ, -ая, -ое шахматазул, шахматазулаб; **~ый турни́ р** шахматазул (турнир) къецI; **~ые фигу́ры** шахматазул фигураби; **~ая игра́** шахматаз хIай; **~ый поря́ док** шахматазулаб тартиб

ША́ХМАТЫ *мн.* шахматал

ША́ХСКИЙ, -ая, -ое шагьасул, шагьасулаб

ША́ХТА *ж* шахта; **каменноуго́льная** ~ ганчIил тIорччол шахта

ША́ХТЕННЫЙ -ая, -ое шахтаялъул, шахтаялъулаб

ШАХТЁР *м* шахтер (*шахтаялъул хIалтIухъан, тIурччи бахъулев чи*)

ШАХТЁРСК//ИЙ, -ая, -ое шахтеразул(аб); **~ий посёлок** шахтеразул поселок; **~ая ла́мпа** шахтеразул чирахъ

ША́ХТНЫЙ, -ая, -ое, **ша́хтовый,** -ая, -ое *см.* **ша́хтенный**

ШАХТОВЛАДЕ́ЛЕЦ *м* шахтаялъул бетIергьан

ШАХТОУПРАВЛЕ́НИЕ *с* шахтоуправление, шахтаялъул управление

ША́ШЕЧНИЦА *ж* 1) (*коробка*) шашкаби лъолеб гъутухъ 2) шашкабазул, шахматазул хъарши

ША́ШЕЧН//ЫЙ, -ая, -ое шашкабазул; **~ый турни́ р** шашкабазул турнир; **в ~ом поря́ дке** шашкабазул тартибалда

ШАШИ́ СТ *м* шашист (*шашкабаз хIалев чи*)

ШАШИ́ СТКА *ж* шашистка (*шашкабаз хIалей чIужугIадан*)

ША́ШК//А[1] *ж* 1) цIулал гургинаб кесек (шашкабазул цояб) 2) *мн.* **~и** шашкаби; **игра́ть в ~и** шашкабаз хIазе

ША́ШКА[2] *ж (оружие)* хвалчен (*хвалчадул цо тайпа*)

ШАШЛЫ́ К *м* шашлык (*цIадутIа режарал гьанал кескал*)

ШАШЛЫ́ ЧНАЯ *ж* шашлычная (*шашлыкал гьарулеб бакI*)

ШАШЛЫ́ ЧНЫЙ, -ая, -ое шашлыказул

ША́ШНИ *мн. разг.* 1) (*происки, интриги*) балъгояб макру, рекIкIаб иш, питна 2) (*любовная связь*) рокьул бухьенал, рокьуда гьоркьоб гьабулеб хIилла

ШВА, ШВУ и т.д. род., дат. п. и т.д. от **шов**

ШВА́БРА *ж* швабра *(цIулал гIоркь бугеб цIилицI)*

ШВАЛЬ *ж собир. прост.* 1) (*негодные вещи*) ярагъунареб къайи-къоно, магъакь-кIачар 2) (*ничтожный человек*) нахъегIанав чи, щивго гурев чи

ШВАРТО́В *м мор.* трос, маххул бицатаб квар (*гама бухьунеб)*; **отда́ть ~ы** гама бухьаралъуса бичизе

ШВАРТОВА́ТЬ *несов. что мор.* гама тросалъ (*бицатаб кьурараб маххул кваралъ*) бухьине

ШВАРТОВА́ТЬСЯ *несов. мор.* ралъдал рагIалда гама чIезе

ШВАРТО́ВНЫЙ, -ая, -ое *мор.* гама бухьине хIалтIизабулеб

ШВЕД *м* шведав

ШВЕ́ДКА *ж* шведай

ШВЕ́ДСКИЙ, -ая, -ое щведазул; **~ язы́ к** щведазул мацI

ШВЕ́ДЫ *мн.* шведал, Швециялъул халкъ

ШВЕ́ЙНИК *м* швейник (*ретIел букъулеб промышленно-сталъул хIалтIухъан*)

ШВЕ́ЙНИЦА *ж* швейница (ретIел букъулеб промышлен-носталъул хIалтIухъан)

ШВЕ́ЙН//ЫЙ, -ая, -ое букъулеб, букъарулеб; **~ая маши́на** букъарулеб машина

ШВЕЙЦА́Р *м* швейцар (*ресторанаялъул,гьалбал рещтIунеб минаялъул кIалтIу хьихьарав чи*)

ШВЕЙЦА́РЕЦ *м* швейцарияв

ШВЕЙЦА́РКА *ж* швейцарияй

ШВЕЙЦА́РСК//ИЙ[1]**,** -ая, -ое Швейцариялъул, швейцариязул; **~ая приро́да** Швейцариялъул тIабигIат

ШВЕЙЦА́РСК//ИЙ[2]**,** -ая, -ое 1) швейцарасул; **~ая ливре́я** швейцаразул ретIел 2) *в знач. сущ.* **~ая** *ж* швейцар чIолеб рукъ, бакI

ШВЕЙЦА́РЦЫ *мн.* швейцариял, Швейцариялъул халкъ

ШВЕЯ́ *ж* юкъарухъан

ШВЫРО́К *м* (*печь бакизе*) къокъаб цIул

ШВЫРКО́В//ЫЙ, -ая, -ое: **~ые дрова́** печь бакизе хIадур гьабураб къокъаб цIул

ШВЫРНУ́ ТЬ *однокр. к* **швыря́ть**

ШВЫРЯ́НИЕ *с* **1**. (*по гл.* **швыря́ть**) рехун биччай, тихь-тихьун рехи, хьуризаби **2**. (*по гл.* **швыря́ться**) 1) речIчIари, цоцаде рехи 2) *перен.* сан гьабунгутIи, гIадада хвезаби

ШВЫРЯ́ ТЬ *несов. кого-что чем разг.* рехун биччазе, хьуризаризе, тихь-тихьун рехизе; ~ **ка́мни (камня́ми)** ганчIал хьуризаризе ◊ ~ **де́ньги (деньга́ми)** гIадада гIарац хвезабизе (бан бачине)

ШВЫРЯ́ ТЬСЯ *несов. разг.* 1) *чем* речIчIаризе, цоцаде рехдезе 2) *кем-чем перен.* сан гьабунгутIизе, гIадада хвезабизе

ШЕВЕЛЕ́НИЕ *с* **1**. (*по гл.* **шевели́ть**) багъаризаби, шуризаби **2.** (*по гл.* **шевели́ться**) 1) багъари, шури 2) *перен.* загьирлъи, багъа-бачари

ШЕВЕЛИ́ТЬ *несов. что и чем* багъаризабизе, шуризабизе, бугеб бакIалдаса кьуризабизе; ~ **се́но** хер багъаризабизе; ~ **плеча́ми** гъуждул рагъаризаризе ◊ ~ **мозга́ми** ургъизе, бетIер хIалтIизабизе

ШЕВЕЛ//И́ТЬСЯ *несов.* 1) багъарахъдизе, шуршудизе; **ли́ -стья ~я́ тся** тIанхал шуршулел руго 2) *перен.* загьирлъизе, багъа-бачаризе; **~и́тся наде́жда** хьул (лъезе жо) буго 3) *перен.*: **~и́сь!** (*поторапливайся*) гIедегIе! хехлъи гьабе!

ШЕВЕЛЬНУ́ ТЬ *однокр. к* **шевели́ть** ◊ **бро́вью не** ~ бицараб рагIиялде, гьабураб ишалде кинаб бугониги кIвар кьечIого тезе, сан гьабунгутIизе

ШЕВЕЛЬНУ́ ТЬСЯ *однокр. к* **шевели́ться**

ШЕВЕЛЮ́ РА *ж* катIари (*ризаб, бахараб*)

ШЕВИО́Т *м* шевиот (*квасул ххамил цо тайпа*)

ШЕВИО́ТОВЫЙ, -ая, -ое шевиоталъул; ~ **костю́ м** шевиоталъул костюм

ШЕВРО́ *с нескл.* шевро (*лъугьинабураб тамахаб цIцIел цIоко*)

ШЕВРО́В//ЫЙ, -ая, -ое шевроялъул, шевроялъулаб; **~ые сапоги́** шевроялъул чакмаби

ШЕДЕ́ВР *м* шедевр (*тIадегIанаб асар, цIакъ тIокIаб асар*)

ШЕЗЛО́НГ *м* шезлонг (*тIадагьаб сукIулеб кресло*)

ШЕЙ, ШЕ́ЙТЕ *повел. от* **шить**

ШЕЙК *м* шейк (*хехаб кьурди*)

ШЕ́ЙКА *ж* 1) *уменьш. от* **шея** 2) (*узкая часть*) чIедераб бутIа (рахъ); ~ **зу́ба** цабзазул чIедераб рахъ 3) гIурул ракалъул рачIалзулаб бутIа

ШЕ́ЙН//ЫЙ, -ая, -ое габуралъулаб, горбол(аб); **~ые позвонки́** горбогьодал

ШЕЙХ *м рел.* шайих

ШЁЛ, ШЛА *и т.д. прош. от* **идти́**

ШЕ́ЛЕСТ *м* шур-шур, хваши; ~ **ли́стьев** тIанхазул шуршур; платья ратIлил хваши

ШЕЛЕСТЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **шелесте́ть**) шуршуди, хваши бахъин

ШЕЛЕСТ//Е́ТЬ *несов.* шуршудизе, хваши бахъине; **ли́ стья ~ят** тIанхал шуршудулел руго

ШЁЛК *м* 1) (*волокно*) чиллай 2) (*ткань*) дарай

ШЕЛКОВИ́ НА *ж (нить)* чиллайдул кьуричIел рихьал

ШЕЛКОВИ´ НКА *ж* чиллайдул кун

ШЕЛКОВИ́СТ//ЫЙ, -ая, -ое хIеренаб, тIеренаб, чиллай гIадаб; **~ая ткань** чиллай гIадаб ххам; **~ые во́лосы** хIеренаб рас, чиллай гIадаб рас

ШЕЛКОВИ´ ЦА *ж бот.* тутигъветI, каругъветI (*тутидул, карудул гъветI)*

ШЕЛКОВИ́ЧНЫЙ, -ая, -ое тутигъветIалъулаб, каругъветIалъулаб; **~ червь** къазихIутI

ШЕЛКОВО́Д *м* къазихIутIал гIезарулев (гьезул иш лъалев) чи

ШЕЛКОВО́ДСТВО *с* къазихIутал гIезариялъул иш

ШЕЛКОВО́ДЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое къазихIутI гIезабиялда хурхараб, къазихIутI гIезабулеб; **~ое хозя́йство** къазихIутI гIезабулеб магIишат

ШЁЛКОВ//ЫЙ, -ая, -ое 1) чиллайдул, дарайдул; **~ое пла́тье** дарайдул гурде; **~ый плато́к** дарайдул кIаз 2) *перен. разг.* гIенеккулев, гIодове виччарав, сабурав, парахатав, мутIигIав; **ма́льчик стал ~ым** вас гIодове виччарав (гIенеккулев) льугъун вуго

ШЁЛКОКРУЧЁНИЕ *с* чиллай кьури, чиллайдул кунал кьури, чиллайдул кун дургъи

ШЁЛКОМОТА́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое къазикъвачIаялъул кун гьабулеб

ШЁЛКОМОТА́НИЕ *с* къазикъвачIаялъул кун гьаби

ШЁЛКООБРАБА́ТЫВАЮЩ//ИЙ, -ая, -ое чиллай гьабулеб, дарай гьабулеб; **~ая промы́шленность** дарай гьабулеб промышленность

ШЕЛКОПРЯ́Д *м* къазихIутI; **ту́товый ~** тутигъветIалъул къазихIутI

ШЁЛКОПРЯДЁНИЕ *с* чиллай гьаби, къазил кун гьаби, дургъи

ШЁЛКОПРЯДИ́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое чиллайдул кун гьабулеб, къазил кун дургъулеб; **~ая фа́брика** чиллайдул кун дургъулеб фабрика

ШЁЛКОПРЯДИ́ЛЬНЯ *ж* чиллайдул кун дургъулеб бакI, къазил кун дургъулеб бакI

ШЁЛКОТКА́ЦК//ИЙ, -ая, -ое дарай гьабулеб; **~ая фа́брика** дарай гьабулеб фабрика

ШЁЛКОТКА́ЧЕСТВО *с* дарай гьаби

ШЕЛОХНУ´ ТЬ *сов. что* шуризабизе, дагъаб багъаризабизе

ШЕЛОХНУ´ ТЬСЯ *сов.* шуризе, дагъаб багъаризе

ШЁЛУДИ́ВЫЙ, -ая, -ое 1) *прост.* хъутур бараб, тIехI бараб, макъар чIвараб, чIучIараб (черх), тIаса чанчахараб; **~ пёс** тIехI бараб гьве 2) *перен.* цIакъ квешаб, хъубаб

ШЕЛУХА́ *ж* хъал; **карто́фельная ~** картошкадул хъал; **~ подсо́лнуха** бакъдебуссалъул хъал

ШЕЛУШЕ́НИЕ *с* 1. (*по гл.* **шелуши́ть**) хъал бахъи, чIучIинаби, гъатахинаби; **~ зерна́** могьол хъал бахъи **2** (*по гл.* **шелуши́ться**) хъал рехи, чIучIин, гъатахин

ШЕЛУШИ´ ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое хъал бахъулеб, чIучIунеб; **~ая маши́на** хъал бахъулеб машина

ШЕЛУШИ́ТЬ *несов. что* хъал бахъизе, чIучIинабизе, гъатахинабизе

ШЕЛУШИ´ //ТЬСЯ *несов.* хъутур рехизе, хъал рехизе; **ко́жа ~тся** тIом чIучIунеб буго

ШЕ́ЛЬМА *м, ж прост.* тирияв, сихIирав, макруяв чи; ягъзинав хIалихьатав, нахъегIанав чи, ягъзин

ШЕЛЬМОВА́ТЬ *несов. кого* суризавизе, инжит гьавизе, басра гьавизе, бугьтан лъезе

ШЁНКЕЛ//Ь *м* бохалъул *(накалдаса хIатIихинкIалде щвезегIан)* чодехун буссараб *(жанибехунисеб)* рахъ, чода тункулеб рахъ (*чу гIедегIизабизе*)

ШЕПЕЛЯ´ ВИТЬ *несов.* **с, з**, гьаркьал **ш, ж** гьаркьал гIадин рахъун кIалъазе

ШЕПЕЛЯ́ВОСТЬ *ж* **с, з** гьаркьал **ш, ж** гIадин рахъун кIалъай

ШЕПЕЛЯ́ВЫЙ, -ая, -ое **с, з** *гьаркьал* **ш, ж** гIадин рахъун кIалъалев

ШЕПНУ´ ТЬ *однокр. к* **шептать**; **~**

ШЁПОТ *м* щури, щурун кIалъай

ШЁПОТОМ *нареч.* щурун, щурщудун

ШЕПТАЛА́ *ж собир.* бакъвараб ахбазан яги микьир *(пурчIунгун цадахъ),* гогодабакъвад

ШЕПТА́ТЬ *несов. что и без доп.* щурщудун, щурун бицине, щурун абизе

ШЕПТА́ТЬСЯ *несов.* цоцада щурщудизе, щурщудун гаргадизе; **не шепчи´ тесь!** щурщудуге!

ШЕПТУ´ Н *м разг.* 1) гIемер щурщудулев чи 2) *перен.* мацIал гьарулев чи, харбал риччалев чи, мацIихъан, щурщудухъан

ШЕПТУ́НЬЯ *разг.* 1) гIемер щурщудулей гIадан 2) *перен.* мацIал гьарулей гIадан, харбал риччалей гIадан, мацIихъан, щурщудухъан

ШЕРЕ́НГ//А *ж воен.* шеренга (*низамалда чIаразул мухъ, читIир, кьер*); **идти´ ~ами** кьерал гьарун ине **◊ быть (стоя´ть) в одно́й ~е** лъилалданиги бащадаб (релълъараб) хIалалда вукIине; кьерулъ вукIине

ШЕРИ́Ф[1] *м* шериф (А*нглиялда, Ирландиялда административияб, полициялъулаб ва судалъулаб иш билълъинабулев хIаким*)

ШЕРИ́Ф[2] *м* шериф (М*ухIаммад аварагасул наслудулавлъун рикIкIунев чиясул хIурматияб цIар*)

ШЕРОХОВА́ТОСТЬ *ж* 1) (*неровная поверхность*) чанчахин 2) *перен.* чанчахараб бакI; **~ сти́ ля** стилалъул гIунгутIи

ШЕРОХОВА́Т//ЫЙ, -ая,-ое 1) чанчахараб; **~ая доска́** чанчахараб хъарщи 2) *перен. (о речи, стиле и т.п.*) узданлъи гьечIеб, гIунгутIаби ругеб

ШЕРСТЕЗАГОТО́ВКА *ж* квас бакIари, квас хIадур гьаби

ШЕРСТЕОБРАБА́ТЫВАЮЩИЙ, -ая, -ое квас къачIаялда бухьараб; квас къачIан хIадур гьабулеб

ШЕРСТИ´ НКА *ж* квасул цо рас

ШЕРСТИ́СТЫЙ, -ая, -ое квас бижараб; халатаб, ризаб рас бугеб; квасул цIураб

ШЁРСТКА *ж ласк. от* **шерсть**

ШЁРСТНОСТЬ *ж с.-х.* цо хIайваналъ кьолеб квасул къадар

ШЁРСТН//ЫЙ, -ая, -ое 1) квасулаб; квас бугеб; **~ый покро́в** квасул гъат; **~ая проду́кция** квасул кьайи 2) *с.-х.* квасулаб, квас бугеб; **~ая поро́да ове́ц** квасулаб тайпаялъул гIи

ШЕРСТОБИ́Т *м* дургъилалде, бугIилалде квас самулев, бухун тамах гьубулев ва гьелъул цо-цо къайи гьабулев чи

ШЕРСТОБИ́ТНЫЙ, -ая, -ое квас самулеб, бухулеб; квас самиялда хурхараб

ШЕРСТОБО́ЙКА *ж* квас сами, бухи

ШЕРСТОБО́ЙНЯ *ж* квас самулеб бакI (*предприятие*)

ШЕРСТОМО́ЕЧН//ЫЙ, -ая, -ое квас чурулеб; **~ые маши´ -ны** квас чурулел машинаби

ШЕРСТОМО́ЙКА *ж* квас чурулеб машина

ШЕРСТОМО́ЙНЫЙ, -ая, -ое *см.* **шерстомо́ечный**

ШЕРСТОПРЯДЁНИЕ *с* квас дургъи

ШЕРСТОПРЯДИ́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое квас дургъулеб; **~ая фа́брика** квас дургъулеб фабрика; **~ое произво́дство** квас дургъулеб производство

ШЕРСТОТКА́ЦКИЙ, -ая, -ое квасул ххам бессулеб; **~ стано́к** квасул ххам бессулеб станок

ШЕРСТОТКА́ЧЕСТВО *с* квасул ххам бесси

ШЕРСТОТРЕПА́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое квас самулеб

ШЕРСТОЧЕСА́ЛКА *ж* квас ххалеб машина, квас гьаркьида бахъулеб машина, квас чIвалеб машина,квас чIвалеб жо

ШЕРСТОЧЕСА́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое квас ххалеб, квас гьаркьида бахъулеб, квас чIвалеб

ШЕРСТ//Ь *ж* 1) (*волосяной покров*) квас, ябагъи, цIира; **густа́я ~ь** ризаб квас 2) (*пряжа*) квасул кун; **клубо́к ~и** квасул кунал гIомо 3) (*ткань*) квасул ххам; **отре́з ~и на пла́тье** ратIлие квасул ххамил къотIел **◊ гла́дить про́тив ~и** квешезе гIоло гьабизе; квешаб, рокьукъаб жо гьабизе, абизе

ШЕРСТЯ´ НИК *м* квасул промышленносталъул хIалтIухъан

ШЕРСТЯН//О́Й, -а́я, -о́е квасул, квасул гьабураб; **~ая ма́йка** квасул гьабураб майка; **~ы́ е носки´** квасул щватаби (цIиндакIал)

ШЕРХЕ́БЕЛЬ *с* сургу (*тIогьиса гургинккараб маххги бугеб цIвакизабилалде гьоркь бахъулеб*)

ШЕРША́ВОСТЬ *ж* чанчахин; чIучIин; чанлълъи

ШЕРША́В//ЫЙ, -ая, -ое чанчахараб, чIучIараб, чанлъаб; **~ые ру́ки** чIучIарал кверал

ШЕРША́ВЕТЬ *несов.* чIучIине, чанчахине, чанлълъизе

ШЕ́РШЕНЬ *м зоол.* кьужна (*кIудияб тайпа*)

ШЕСТ *м* гIер, мокъ

ШЕ́СТВИЕ *с* гIадаталда рекъон рилъгъун *кирениги* ин; **первома́йское ~** ТIоцебесеб маялъулаб рохалилаб рилъгъин; *гьениб* гIахьаллъи гьабулел гIадамал

ШЕ́СТВОВАТЬ *несов. высок.* гIодоре риччан ине, чIухIун вилъгъине, хьвадизе

ШЕСТЕРЁНКА *ж см.* **шестерня́**

ШЕСТЕРЁНОЧНЫЙ, -ая, -ое *тех.* (*гажахараб*) чархил

ШЕСТЁРКА *ж* 1) (*цифра*) анлъго, анлъилаб 2) (*карта*) анлъилаб кагъат 3) анлъгояв, анлъгояй 4) анлъго чу бараб гьоко; анлъго раххан бугеб раса

ШЕСТЕРНЯ́ *ж тех.* (г*ажахараб*) чарх

ШЕ́СТЕР//О *числ. собир.* анлъгоял, анлъго; **~о челове́к** анлъго чи; **для всех ~ы́ х** анлъазего

ШЕСТИГРА́ННИК *м* анлъго мицIир бугеб фигура

ШЕСТИГРА́ННЫЙ, -ая, -ое анлъго мицIир бугеб

ШЕСТИДЕСЯТИЛЕ́ТИЕ *с* лъабкъого сон тIубай

ШЕСТИДЕСЯТИЛЕ́ТНИЙ, -ая, -ое лъабкъого сон бараб, лъабкъого сонилаб

ШЕСТИДЕСЯ́ТНИК *м* шестидесятник (*19 къарнуялъул лъабкъоабилел соназда Россиялда цере тIурал пикрабазул жамгIияв хIаракатчи*)

ШЕСТИДЕСЯ́ТЫЙ, -ая, -ое *числ.* лъабкъоабилеб

ШЕСТИДНЕ́ВКА *ж* анлъго къо

ШЕСТИДНЕ́ВНЫЙ, -ая, -ое анлъго къойилаб, анлъго къоялъул; **~ путь** анлъго къойилаб нух

ШЕСТИКЛА́ССНИК *м* анлъабилеб классалъул цIалдохъан (вас)

ШЕСТИКЛА́ССНИЦА *ж* анлъабилеб классалъул цIалдохъан (яс)

ШЕСТИКРА́ТН//ЫЙ, -ая, -ое анлъцIул цIикIкIинабураб, анлъго нухалъ цIикIкIинабураб; **в ~ом разме́ре** анлъго нухалъ цIикIкIинабураб къадаралда, анлъцIул цIикIкIараб къадаралда

ШЕСТИЛЕ́ТИЕ *с* анлъго сон тIубай

ШЕСТИЛЕ́ТНИЙ, -яя, -ее 1) (*о сроке*) анлъго соналъул, анлъго сонилаб; **~ план** анлъго сонилаб план 2) (*о возрасте*) анлъго соналъул, анлъго сон бараб; **~ ребёнок** анлъго сон бараб лъимер

ШЕСТИМЕ́СЯЧНЫЙ, -ая, -ое анлъго моцI бараб, анлъго моцI бугеб, анлъго моцIалъулаб

ШЕСТИНЕДЕ́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое анлъго анкь бараб, анлъго анкь бугеб

ШЕСТИПА́ЛЫЙ, -ая, -ое анлъго килищ бугеб, анлъкилщилаб

ШЕСТИПО́ЛЬЕ *с с.-х.* анлъго мочIу гьабун, хурзал рекьулеб система (къагIида)

ШЕСТИРУБЛЁВЫЙ, -ая, -ое анлъго гъурщилаб

ШЕСТИСО́ТЫЙ, -ая, -ое *числ.* анлънусабилеб

ШЕСТИСТО́ПНЫЙ, -ая, -ое анлъго стопаялъулаб (*кочIол стопа бугеб*)

ШЕСТИТЫ́СЯЧНЫЙ, -ая, -ое анлъазарабилеб, анлъазарилаб

ШЕСТИУГО́ЛЬНИК *м* анлъго бокIон бугеб жо (предмет), анлъбокIон

ШЕСТИУГО́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое анлъго бокIон бугеб

ШЕСТИЧАСОВО́Й, -ая, -ое анлъго сагIаталъул; **~ рабо́чий день** анлъго сагIаталъул хIалтIул къо

ШЕСТИЭТА́ЖНЫЙ, -ая, -ое анлътIалаяб

ШЕСТНАДЦАТИЛЕ́ТИЕ *с* анцIила анлъго сон тIубай

ШЕСТНА́ДЦАТ//ЫЙ, -ая, -ое анцIила анлъабилеб; **~ое апре́ля** анцIила анлъабилеб апрель

ШЕСТНА́ДЦАТЬ *числ.* анцIила анлъго; **ему испо́лнилось ~ лет** дос анцIила анлъго сон тIубана (бана)

ШЕСТО́Й, -ая, -ое *числ.* анлъабилеб

ШЕСТО́К *м* 1) (*в печи*) *печалда цебе* гьитIинаб бакI,мегIели 2) (*насест*) мокъ (*гIанкIуял чIолеб*)

ШЕСТЬ *числ.* анлъго

ШЕСТЬДЕСЯ́Т *числ.* лъабкъого

ШЕСТЬСО́Т *числ.* анлънусго

ШЕСТЬЮ́ *нареч.* анлъго нухалъ, анлъцIул; **~ шесть три́дцать шесть** анлъцIул анлъго (букIуна) лъебералда анлъго

ШЕФ *м* 1) *разг. (начальник, руководитель*) шеф (начальник, бетIер) 2) (*организация, принявшая шефство*) шеф, шефлъи (кумек) гьабулеб идара; **заво́д ~ колхо́за** заводалъ колхозалъе шефлъи (кумек) гьабула

ШЕФ-ПО́ВАР *м* бетIерав богогьан

ШЕ́ФСК//ИЙ, -ая, -ое шефазулаб; **~ая по́мощь** шефазулаб кумек

ШЕ́ФСТВО *с* шефлъи, жамгIияб кумек; **взять ~ над** *кем-л. лъиданиги* тIад шефлъи гьабизе

ШЕ́ФСТВОВАТЬ *несов.* шефлъи гьабизе; бетIерлъи гьабизе; **~ над шко́лой** школалда тIад шефлъи гьабизе, школалъе кумек гьабизе

ШЕ́Я *ж* габур ◊ **на свою́ ше́ю** жиндиего заралалъе; **на ше́ю ве́шаться** *кому-л.* нахъаса йичIичIого жиндидехунго кIвар буссинабизе; **на ше́е висе́ть, слома́ть** *или* **сверну́ть ше́ю** *на чем-л.* битI ккунгутIизе, талихI къине; чIвазе, тIагIинавизе; **гнать в ше́ю** вачахъизе, нахъе гъезе, хъамизе; **по ше́ям бить** вухизе, кьабизе, хъамизе; чухIизе, гъванща бухизе; **намы́ лить ше́ю** *кому-л.* квешго семизе, квешго хьандезе

ШИ́БК//ИЙ, -ая, -ое *прост.* хехаб, гIедераб; **~ая ло́шадь** гIедераб чу

ШИ́БКО *нареч. прост.* 1) цIакъ, кутакалда 2) хех, гIедерго

ШИ́ ВОРОТ *м разг.* габур (*ратIлил*); **схвати́ть за ~** гъванша кквезе ◊ **~ – навы́ворот** гIакса, нахъисеб рахъги цебехун гьабун, букIине кколелъул гIаксалда

ШИЗОФРЕ́НИК *м* шизофреник (*шизофрениялъ унтарав чи*)

ШИЗОФРЕНИ́ ЧКА *ж* шизофреничка (*шизофрениялъ унтарай гIадан*)

ШИЗОФРЕНИ́ Я *ж мед.* шизофрения (*захIматаб психикияб унти*)

ШИИ́ ЗМ *м мус.* шигIизм (*исламалда бугеб цо рикьи*)

ШИИ́ Т *м* шигIитав

ШИИ́ ТСКИЙ, -ая, -ое шигIитазул, шигIитияб

ШИК *м* бихьизелъун гьабураб чIухIи (бечелъи, гьарзалъи); **зада́ть ~у** чIухIаризе, ратIлилъ тIокIлъизе

ШИКА́РНО 1. *нареч.* цIакъ чIухIун, цIакъ бечедго; **~ одева́ться** цIакъ бечедго ретIа-къазе **2.** *в знач. сказ.* цIакъ чIухIун, цIакъ къачIан вуго

ШИКА́РНЫЙ, -ая, -ое цIакъ берцинаб, чIухIараб, чIурканаб, гьайбатаб, берцинго къачIараб; **~ вид** цIакъ берицинаб сурат (тIабигIат)

ШИ́ КНУТЬ *однокр. к* **шикова́ть**

ШИКОВА́ТЬ *несов. чем и без доп. разг. сундулъниги* чIухIи, бечелъи, гьарзалъи загьир гьабизе (бихьизабизе)

ШИ́ ЛЛИНГ *м* шиллинг (1 А*нглиялда хIалтIизабулеб фунт стерлингалъул, къого бутIа гьабун, цо бутIа;* 2 *Австриялда ва Африкаялъул цо-цо улкабазда хIалтIизабулеб гIарац*)

ШИ́ Л//О *с* гIебу ◊ **ши́ ла в мешке́ не утаи́ шь** *посл.* наккдалъ бахчун варани тIубаларо

ШИЛОВИ́ ДНЫЙ, -ая, -ое гIебуялда релъгъараб, гIебу гIадаб

ШИЛОХВО́СТКА *ж* **ши́лохвость (шилохво́сть)** *ж зоол.* рачI халатаб тайпаялъул гIалхул ордек

ШИ́ЛЬЦЕ *с* гьитIинаб гIебу

ШИМПАНЗЕ́ *м нескл.* шимпанзе (*гIадамасда релъгъараб маймалак*)

ШИ́НА[1] *ж* 1) шина (*гьакибералда сверун ккураб маххул гор*) 2) (*автомобиля*) автомобилалъул шина *(камераги покрышкаги цадахъ)*

ШИ́Н//А[2] *ж мед.* шина (*лага-черхалъул бекараб яги жагъалгъараб бакIалда гьеб багъаричIого букIине тIад лъураб къвакIараб жо, накладка*); **наложи́ ть ~у** тIад шина лъезе

ШИНЕ́ЛЬ *ж* шинель; **солда́тская ~** солдат шинель

ШИНЕ́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое шинелалъул, шинель гьабулеб; **~ое сукно́** шинель гьабулеб сукно

ШИНКОВА́НИЕ *с* (*по гл.* **шинкова́ть**) тIанчахинабун бусси, гIисин гьабун бусси

ШИНКОВА́ТЬ *несов. что* тIанчахинабун буссизе, буссун гIисин гьабизе; **~ морко́вь** ламадур гIисин гьабун буссизе

ШИНКО́ВКА *ж* 1) *см.* **шинкова́ние** 2) гIисин гьабун буссулеб алат

ШИ́НН//ЫЙ, -ая, -ое шинаби гьарулеб; **~ое произво́дство** шинаби гьарулеб производство

ШИ´ ННИК *м разг.* шинаби гьарулеб заводалъул хIалтIухъан, шинабазул специалист

ШИНО́К *м уст.* гьитIинабго гьекъел бичулеб бакI, кабак

ШИНЬО́Н *м* шиньон (*руччабазул расги гъванщиде бакIаризабун гьабураб катIари; гьединаб катIари лъугьине бахъулеб-лъолеб расул гьабураб жо (накладка*)

ШИП[1] 1) (*колючка*) заз 2) *тех. (выступ)* цIутIел 3) (*на подковах*) тIикъвадул магIалъул бетIер

ШИП[2] *м зоол.* осетр тайпаялъул кIудияб ччугIа, шип

ШИП[3] *м разг. (звук)* шиш-ш, хьихь-хь

ШИПЕ́НИЕ *с* (*по гл.* **шипе́ть**) хьирхьиди

ШИП//Е́ТЬ *несов.* 1) (*издавать шипение*) хьирхьидизе, «шиш -ш»-ан гьаракь бахъинабизе; **змея́ ~и́т** борохь хьир-хьидула 2) *перен. разг. (говорить сдавленным голосом*) щурун, гъанкъулев вугев гIадин кIалъазе 3) *перен. разг. (браниться, ворчать*) гъулгъудизе, хьирхьидизе, гъорлъанго рази гьечIолъи загьир гьабизе

ШИПО́ВНИК *м (кустарник, плод) бот.* гIинтIи

ШИПУ́ЧИЙ, -ая, -ое полоп балеб, газ гъорлъе гьабураб, чулчули бахъунеб; *в знач. сущ.* **шипу́чее** *с* полоп балеб, гъорлъе газ гьабураб, чулчулиялда (басандулаго) къватIибе бачIунеб гьекъолеб жо

ШИПУ́ЧКА *ж разг.* татуялъе батIи-батIиял жал гъорлъе жубараб газ бугеб лъим

ШИПЯ́Щ//ИЙ, -ая, -ее хьирхьидулеб ◊ **~ие согла́сные** *(лингв)* абулаго цадахъ вашши бахъунел цо-цо рагьукъал гьаркаьл («ж», «ш»)

ШИ´ РЕ *сравн. от* гIатIид, гIеб

ШИРИН//А́ *ж* гIеблъи; **~о́й в метр** цо метр гIеблъиялда бугеб

ШИ´ РИТЬ *несов. что* гIеб гьабизе, гIеблъизабизе, гIатIилъизабизе, гIатIид гьабизе

ШИ´ РИ//ТЬСЯ *несов.* гIеблъизе, гIатIилъизе, кIодолъизе, цIикIкIине; ~ **движе́ние за мир** ракълие гIоло гьабулеб багъабачари, кьеркьей гIатIилъулеб буго

ШИ´ РМ//А *ж* 1) ширма (*рукь гьоркьоса къотIулел кагъат яги ххам ккурал сукIулел (дандчIвалел) рамаби*) 2) *перен.* пардав; бадибигъ; багъана, **служи́ть ~ой** *для кого-чего-л. лъие-сундуе бугониги* багъанаялъе батизе, букIине

ШИРО́К//ИЙ, -ая, -ое 1) гIебаб, гIатIидаб; **~ая у́лица** гIатIидаб къватI; **~ий пиджа́к** гIатIидаб пиджак; **~ие сте́пи** гIатIидал авлахъал; **~ая доро́га** гIебаб нух 2) *перен.* гIемераб, гьарзояб; **~ий круг вопро́сов** гIемерал суалал; **~ие ма́ссы** гIемерал гIадамал; **~ий чита́тель** гIемерал цIалдолел чагIи; **това́ры ~ого потребле́ния** гIемер къваригIунеб къайи; **~ая нату́ра** ракI гIатIидав чи ◊ **жить на ~ую но́гу** бечелъиялда (барахщичIого, гьарзаго, гIорхьи чIвачIого) гIумру гьабизе

ШИРОКО́ *нареч.* 1) гIатIидго; ~ **распа́хнутые две́ри** гIатIидго рагьарал нуцIби 2) *перен.* гIатIидго, гIемерго, тIубанго; ~ **испо́льзовать** гIатIидго пайда босизе, хIалтIизабизе

ШИРОКОВЕЩА́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое: **~ая радиоста́нция** гIатIидго (гIемерал гIадамазе) хабар кьолеб (бицунеб) радиостанция

ШИРОКОГРУ´ ДЫЙ, -ая, -ое гIебаб кереналъул, мегьед гIебаб

ШИРОКОДОСТУ´ ПНЫЙ, -ая, -ое киназего рагьараб, киназего квегIенаб, киназего гIаммаб

ШИРОКОЗАХВА́ТНЫЙ, -ая, -ое гIатIидаб бакI кколеб, гIатIидго жанибе бакI бачунеб; ~ **комба́йн** лъилъулеб хурул гIатIидаб, кIудияб чIва, мухь босулеб комбайн

ШИРОКОИЗВЕ́СТНЫЙ, -ая, -ое цIар рагIараб, машгьураб, киназдаго лъалеб

ШИРОКОКОЛЕ́ЙН//ЫЙ, -ая, -ое рельсазда гьоркьобакI гIатIидаб; **~ая желе́зная доро́га** гIебаб маххул нух

ШИРОКОКО́СТНЫЙ, -ая, -ое гIебаб ракьаялъул, ракьа гIебав

ШИРОКОКРЫ́ЛЫЙ, -ая, -ое гIебал куркьбазул, куркьбал гIебаб

ШИРОКОЛИ́СТВЕННЫЙ, -ая, -ое гIебаб тIанхилаб; ~ **клён** гIебаб тIанхилаб чIвад (тIамах гIебаб чIвад)

ШИРОКОЛИ´ СТЫЙ, -ая, -ое гIебаб тIанхил, тIамах гIебаб

ШИРОКОЛИ´ ЦЫЙ, -ая, -ое гIебаб гьумералъул, гьумер гIебав

ШИРОКОЛО́БЫЙ, -ая, -ое гIебаб нодоялъул, нодо гIебаб

ШИРОКОНО́СЫЙ, -ая, -ое гIебаб мегIералъул, мегIер гIебаб (кIудияб)

ШИРОКОПЛЕ́ЧИЙ, -ая, -ее кIигъеж гIебав, кIигъажолъа гIебав, кIигъожолъа гIебав

ШИРОКОПЛЁНОЧНЫЙ, -ая, -ое гIебаб пленкаялъул, пленка гIебаб

ШИРОКОПО́Л//ЫЙ, -ая, -ое мицIир гIебаб, щомели кIудияб; **~ая шля́па** мицIир гIебаб шляпа

ШИРОКОРО́ТЫЙ, -ая, -ое гIебаб кIалалъул, кIал гIебаб (кIудияб)

ШИРОКОРЯ́ДНЫЙ, -ая, -ое *с.х.* гIатIидаб кьералъул; ~ **посе́в** гIатIидал кьерал гьарун, бекьи

ШИРОКОФОРМА́ТН//ЫЙ, -ая, -ое гIебаб плёнкаялда бахъараб; **~ая карти́на** гIебаб плёнкаялда бахъараб картина (кино) **~ая ле́нта** гIебаб форматалъул лента

ШИРОКОЭКРА́ННЫЙ, -ая, -ое гIебаб экраналъул, экран гIебаб, гIебаб экран бугеб; ~ **фильм** гIебаб экран бугеб (гIебаб экраналда бихьизабулеб) фильм

ШИРО́ТНЫЙ, -ая, -ое *геогр.* гIатIилъиялъул, широтаялъулаб

ШИРОЧЕ́НН//ЫЙ, -ая, -ое *прост.* цIакъго гIебаб, цIакъго гIатIидаб; **~ая у́лица** цIакъго гIатIидаб къватI

ШИРПОТРЕ́Б *м разг.* ширпотреб (*халкъалъ гIемер пайда босулеб къайи*); **произво́дство предме́тов ~а** халкъалъ гIемер пайда босулеб къайи гьаби

ШИРЬ *ж* берда бихьулеб гIатIилъи; **степна́я** ~ авлахъалъул гIатIилъи ◊ **развернýться во всю´** ~ жиндир ругел ресал тIуранго рихьизаризе

ШИ´ ТЫЙ, -ая, -ое 1) (*сшитый*) букъараб 2) (*вышитый*) угьун гьабураб, угьараб

ШИТЬ *несов.* 1) *что и без доп.* букъизе; ~ **на маши́нке** машинаялъ букъизе 2) *чем, по чему (вышивать)* угьаризе, угьине; ~ **шёлком** чиллаялъ угьине 3) цолъизаризе, рекIинаризе, щула гьабизе; ~ **до́ски** хъарщал цоцадехун щула гьарун чIвазе ◊ **ши́то-кры́то** *разг.* жибгоги гьечIо, лъалкIги гьечIо; балъго, лъидаго лъаларелухъ

ШИТЬ//Ё *с* **1.** (*по гл.* **шить**) букъи (*кунаца*); **ку́рсы кро́йки и ~я́** ретIел лъутIизе ва букъизе малъулел курсал **2.** (то, *что сшито или шьется*) букъулеб жо (ретIел), букъараб жо **3.** (*вышивка*) угьун гьабураб жо; **золото́е ~е** меседкуналъ угьун гьабураб жо

ШИ´ ФЕР *м* 1) *тех.* шифер (*сланецалъул ялъуни, асбет жубан, цементалъул гьабураб тIохда кколеб къоно*) 2) *мин.* чIегIараб яги цIахIилаб кьералъул хIатIккараб миччил (*сланец*)

ШИ́ФЕРН//ЫЙ, -ая, -ое шифералъул; **~ая кры́ша** шифералъул тIох, тIад шифер ккураб тIох

ШИФО́Н *м* шифон (*тIеренаб чиллайдул яги квасквасул ххам*)

ШИФО́НОВЫЙ, -ая, -ое шифоналъулаб, шифоналъул гьабураб

ШИФОНЬЕ́Р *м см.* **гардеро́б**

ШИФОНЬЕ́РКА *ж* шифоньерка (*бусадул къайи (бельё*), *гъоркьан ретIел лъолеб гьитIинаб шкаф*)

ШИФР *м* 1) (*условная азбука*) шифр (*балъгояб кагъат хъвазе ургъараб алфавит, гIаламатал*) 2) (*библиотечный знак*) шифр (*тIахьал ва гь.ц. лъураб (цIунулеб) бакI бихьизабулеб шартIияб ишара*)

ШИФРОВА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое шифралъ хъваялда бухъараб; **~ая маши́нка** шифралъ хъвалеб машинка

ШИФРОВА́ЛЬЩИК *м* шифровальщик (*шифралъ хъвалев ва гьеб цIалулев чи*)

ШИФРО́ВАНН//ЫЙ, -ая, -ое шифралъ хъвараб; **~ая телегра́мма** шифралъ хъвараб телеграмма, балъгоял гIаламатаздалъун хъвараб телеграмма

ШИФРОВА́ТЬ *несов. что* шифралъ хъвазе; **~ секре́тную телегра́мму** балъгояб телеграмма шифралъ хъвазе

ШИФРО́ВКА *ж* **1.** (*по гл.* **шифрова́ть**) шифралъ хъвай **2.** *разг. (текст)* шифралъ хъвараб текст *(телеграмма, кагъат)*

ШИ́ХТА *ж тех.* шихта (*батIи-батIиял материалал: руда, шлак, цIатари жубараб жо*)

ШИ́ХТОВЫЙ, -ая, -ое шихталъулаб

ШИ́ШК//А[1] *ж* 1) гIамгIаро; **у него́ на голове́ вскочи́ ла ~а** досул ботIрода гIамгIаро бахъун буго 2) *бот.* хIанц 3) *бот.* багIачI, **сосно́вые ~и** накIкIигъотIол багIачал ◊ **на бе́дного Мака́ра все ~и ва́лятся** кибе гъугъарабги – ГъунимагIарде

ШИ́ ШКА[2] *ж разг. шутл. (важная персона)* хIурматияв (кIудияв) чи, къадру (хIурмат) бугев чи; **ты тепе́рь ва́жная ~** гьанже мун кIудияв чи ккола ◊ **~ на ро́вном ме́сте** жиндиего рещц-бакъ къваригIарав, амма гIадамаз рикIкIунарев чи; рещц хирияв жа-гьилчи

ШИШКОВА́Т//ЫЙ, -ая, -ое битIараб гуреб, гохIахараб, ноцIахараб; **~ая пове́рхность** ноцIахараб тIасияб рахъ

ШКАЛА́ *ж* шкала (1 *роцадул алатазда бутIабазде рикьарал ва гIужал-тарихал хъвараб чIоло;* 2 *тIадеялдаса тIаде цIикIкIунеб яги камулеб рикьи бихьизабулеб тарихазулаб хIасил*)

ШКАТУ́ ЛКА *ж* кIуни, гъутухъ, гьитIинаб гъамас

ШКАФ *м* шкаф; **кни́жный ~** тIахьал лъолеб шкаф; **встро́енный ~** къадалъ гьабураб шкаф; **несгора́емый ~** бухIуларе шкаф, сейф; **суши́ льный ~** чурараб жо бакъвазабулеб шкаф

ШКВАЛ *м* цойидасан бахъараб кутакаб гьури

ШКВА́ЛИСТЫЙ, -ая, -ое кутакаб гьури гIадаб, гьединал гIаламатал ругеб

ШКВА́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое гучаб, хIалуцараб, цIакъ кутакаб (кьвагъдей); **~ ого́нь** цIакъ кутакаб кьвагъдей

ШКВА́РК//И *мн.* (*ед.* **~а** *ж*) къалия, кьвагъ,

ШКВО́РЕНЬ *м* машинаялда нахъа гьоко (прицеп) хурхинабулеб эхетараб хIос

ШКИВ *м* (*рачалил кумекалдалъун жинца цогияб хженезабулеб*) чарх

ШКИ́ПЕР *м мор.* шкипер (1 *гIордасан жибго хьвадулареб гамил командир;* 2 *уст. дармил гамил капитан-бетIергьан;* 3. *воен. рагъул гамил кьайиялда тIад вугев хъулухъчи*)

ШКИ́ ПЕРСК//ИЙ, -ая, -ое шкиперасул; **~ая каю́та** шкиперасул каюта, шкипер жанив вукIунеб рукъ

ШКО́ДА *ж прост.* зарар, ками; тIасан борчIараб гогьлъи, кIарчанлъи, гьачдей

ШКО́ДИТЬ *несов. прост.* зарар гьабизе, ками ккезабизе; гогьдаризе, кIарчанлъизе, гьачдезе

ШКОДЛИ́ВЫЙ, -ая, -ое *прост.* гогьдарулев, гьачдолев, тIасан ворчIарав, гьабулеб жоялъул гIурхъи лъаралев

ШКО́Л//А *ж* 1) школа; **нача́льная ~а** байбихьул школа; **сре́дняя ~а** гьоркьохъеб школа; **восьмиле́тняя ~а** микьго сонил школа; **вы́ сшая ~а** тIадегIанаб школа; **ходи́ ть в ~у** школалде ине, хьвадизе; **поступи́ ть в ~у** школалде лъугьине; **око́нчить ~у** школа лъугIизабизе 2) *перен.* школа, гIумруялъул нух; **он прошёл хоро́шую ~у жи́зни** дос лъикIаб гIумруялъул нух нахъа тана 3) школа (*гIелмуялъул, искусствоялъул, литератураялъул*); **~ Ре́пина** Репинил школа (*суратал рахъизе ругьун гьарулеб Репинил цIаралда бугеб школа; Репинил системаялда ругьун гьарулеб школа*)

ШКО́ЛЬНИК *м* цIалдохъан

ШКО́ЛЬНИЦА *ж* цIалдохъан *(яс)*

ШКО́ЛЬНИЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое цIалдохъанасул(аб), цIалдохъанасул гIелалъе хасиятаб; **~ая вы́ходка** цIалдохъанасул гIадаб гIадаталдаса бахъараб, рекъечIеб иш

ШКО́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое школалъул; **~ое зада́ние** школалъул мина; **~ые го́ды** школалда цIалулел сонал; **де́ти ~ого во́зраста** школалде ине заман щварал лъимал, школалде унел (хьвадулел, цIалулел) лъимал

ШКУ́Р//А *ж* 1) къехь, тIом, тIехь; цIоко, тахта (*мех*) 2) (*кожура*) хъал ◊ **спаса́ть свою́ ~у** жиндирго ургъел гьабизе, живго хвасарлъизавизе; **в ~е** *чьей-л.* **быть** цIакъ квешаб, урхъиларе хIалалда вукIине; цоги чиясул хIалалда вукIине; **волк в ове́чьей ~е** кIигьумерав чи (кIал бахьинав, махъа чIегIерав); **~у драть** *с кого-л.* лъикI чияр захIмат кваназе, цIоко бахъизе, тIом бахъизе; **~у спусти́ ть** *с кого-л.* квешго вухизе, кьабизе, цIалаца вацIизе 3) *прост.* яхI гьечIев чи, хIилла-рекIкIалъул чи, хIалица жо бахъулев чи, жиндирго напсияб пайдаялда хадув льугьарав чи; къехь, къохьок

ШКУ́РКА *ж* 1) *уменьш. от* **шку́ра** 2)(*наждачная бумага*) мачIукъехь

ШКУ́РНИК *м разг.* жиндирго напсалъе, пайдаллъе гурони, батIияб ишалде кIвар кьоларев чи; жиндир напсияб пайдаялда хадув лъугьарав чи

ШКУ́РНИЧЕСКИЙ, -ая, -ое жиндирго напсияб пайда-хайиралда хадув лъугьарав чиясе хасиятаб

ШКУ́РНИЧЕСТВО *с* жиндирго напсияб пайда-хайиралда хадув чIей

ШКУ́ РН//ЫЙ, -ая, -ое жиндирго напсалъе пайдаяб; **~ые побужде́ния** жиндирго напсалъе пайдаял мурадал (къасдал)

ШЛА *прош. от* **идти́**

ШЛАГБА́УМ *м* шлагбаум (*маххул нух къотIулеб бакIалда, эхеде борхун, гIодобе биччан, нух къалебги кьолебги гIер*)

ШЛАК *м* шлак (1 *тIурччи бухIун хутIараб жо;* 2 *руда биунаго хьацIалеб, нахъе чIвалеб продукт*)

ШЛАКОБЕТО́Н *м* шлакобетон (*шлак жубан гьабураб бетон*)

ШЛАКОБЕТО́НН//ЫЙ, -ая, -ое шлакобетоналъул; **~ые пане́ли** шлакобетоналъул къанал

ШЛАКОБЛО́К *м* шлакоблок

ШЛАКОБЛО́ЧНЫЙ, -ая, -ое шлакоблоказул; **~ зово́д** шлакоблоказул завод, шлакоблокал гьарулеб завод

ШЛАНГ *м* мащу; **пожа́рный ~** пожарниказул мащу, цIа свинабулелъул хIалтIизабулеб мащу; резиналъул, хIебтил лъамалъи, газ бачине хIалтIизабулеб мащу

ШЛЕЙФ *м* шлейф (*руччабазул гурдил халатаб хадуб бехъерхъулеб нахъисеб рахъ*

ШЛЕМ *м* 1) *воен.* такъия 2) шлем (*летчикасул, спортсменасул хасаб тIагъур*) 3) *тех.* тIалъел

ШЛЕМОФО́Н *м* шлемофон (*летчиказул, космонавтазул жанир кIалъазе алатал лъураб шлем*)

ШЛЁНКА *ж* хIеренаб квас бугеб гIи; хIеренаб квас

ШЛЁПАН//ЦЫ *мн.* (*ед.* **~ец** *м*) *разг.* рокъор ретIунел хьитал, мачуял; малъалда чIвалел мачуял

ШЛЁПАТЬ *несов.* 1) *кого, по чему* чIвархиялда бухизе, чIвархан бахъинабизе; **~ по руке́** квералда чIвархан бахъинабизе; **~ ребёнка** лъимада хъат кьабизе (базе) 2) *прост. (идти)* чIванкIиялда ине; **~ по грязи́** чIванкIиялда хIарщулъан ине; **~ ту́флями** хьитаз чIванкIи бахьинабизе

ШЛЁПАТЬСЯ *несов. разг. (падать)* чвархъан гIодов речIчIизе, чвархъан жаниве ккезе; **~ в грязи́** чвархъан хIарщулъ речIчIизе

ШЛЁПНУТЬ *однокр. к* **шлёпать**

ШЛЁПНУТЬСЯ *однокр. к* **шлёпаться**

ШЛЕП//О́К *м* 1) хъатица кьаби, чвархъан бахъинаби; **дать ~** *кому-л. лъиданиги* кьабун, чвархъан бахъинабизе 2) (*звук*) чвархъ

ШЛЕЯ́ *ж (часть сбруи)* хомуталъул чIоло (*хомуталдасан чол хьалбал сверун бачунеб)*

ШЛИ[1] *мн. прош. от* **идти́**

ШЛИ[2]**, шли́те** *повел. накл. от* **слать**

ШЛИФ *м геол.* микроскопалъ хал гьабизе цIвакизабун хIадураб минералалъул тIеренаб пластинка

ШЛИФОВА́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое цIвакизабулеб, лъулъан цIвакIизабулеб; цIвакизабиялъе хIалтIизабулеб; **~ стано́к** *щибниги* цIвакизабулеб станок

ШЛИФОВА́НИЕ *с* (*по гл.* **шлифова́ть**) 1) лъулъан цIвакIизаби 2) *перен.* битIа-бишизаби, къачIай, лъикIлъизаби

ШЛИФОВА́ТЬ *несов. что* 1) лъулъан цIвакизабизе 2) *перен.* битIа-бищизабизе, къачIа-кIатIазе, лъикIлъизабизе

ШЛИФ//ОВА́ТЬСЯ *несов.* лъулъан цIвакизе; **э́тот мета́лл хорошо́ ~у́ется** гьаб металл лъикI цIвакула

ШЛИФО́ВКА *ж см.* **шлифова́ние**

ШЛИФО́ВЩИК *м* шлифовщик (*цIвакизабулев чи, лъулъан цIвакизабулев чи*)

ШЛИФО́ВЩИЦА *ж* шлифовщица (*цIвакизабулей чIужу, лъулъан цIвакизабулей чIужу*)

ШЛИ́ ХТА *ж тех.* шлихта (*ххамил жанисеб кун щулалъиялъе гьелда бахунеб хасаб сину*)

ШЛИХТОВА́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое ххамил жанисеб куналда сину бахине хIалтIизабулеб (*машина*)

ШЛИХТОВА́НИЕ *с* ххамил жанисеб куналда сину бахин

ШЛИХТОВА́ТЬ *несов. что* ххамил жанисеб куналда сину бахине

ШЛО *прош. от* **идти́**

ШЛЮЗ *м* шлюз (*гIоразул, каналазул лъим бегизе гьабураб хасаб бакI)*

ШЛЮ́ ЗНЫЙ, -ая, -ое *см.* **шлюзово́й**

ШЛЮЗОВА́ТЬ *сов. и несов.* 1) (*сооружать шлюзы*) шлюз гьабизе 2) *что (пропускать через шлюз*) шлюзалдасан биччазе; ~ **суда́** гуми шлюзалдасан риччазе

ШЛЮЗОВ//О́Й, -а́я, -о́е шлюзалъул; **~а́я ка́мера** шлюзалъул камера; **~ы́ е воро́та** шлюзазул каваби

ШЛЮ́ ПКА *ж* шлюпка (*русбузул цо тайпа*)

ШЛЯ́П//А *ж* 1) шляпа (*щурунтIагъур*); **снять ~у** шляпа тIаса бахъизе; 2) *м, ж, прост. (о человеке)* квасугIарш, гьунаргьечI, чIанкIгьечI ◊ **де́ло в ~е** цIакъго лъикI ккана, цIакъ лъикI ана, мурад тIубана, битIун ккана

ШЛЯ́ ПКА *ж* 1) *см.* **шля́па** 2) *разг. (женская шляпа*) ручабазул шляпа 3) (*голова*) бетIер; ~ **гвозди́** магIил бетIер

ШЛЯ́ ПНИК *м* шляпабазул устар

ШЛЯ́ ПНИЦА *ж* шляпабазул устар (*чIужугIадан*)

ШЛЯ́ ПОЧНЫЙ, -ая, -ое **1.** шляпаялъул **2. ~ая** *сущ.* шляпаби гьарулеб бакI

ШЛЯ́ ТЬСЯ *несов. разг.* гIадада хьвадизе, женжедизе, свердизе, свер-свердизе

ШЛЯ́ ХТА *ж ист.* шляхта *(некIо Польшаялъул бечедал чагIи*)

ШЛЯ́ ХТИЧ *м* шляхтич (*некIо Польшаялъул бечедав чи*)

ШМАТО́К *м прост.* кесек, рекел, бутIа, къотIел; ~ **мя́ са** гьанал къотIел

ШМЕЛЬ *м* гозна

ШМЕЛИ́ НЫЙ, -ая, -ое гознайил

ШМО́ТКИ *мн. прост.* ретIел-кун, къайи-къоно *(жиндирго)*

ШМУЦТИ́ ТУЛ *м полигр.* шмуцтитул (*тIехьалъул байбихьуда яги бутIабазда, бутIрузда цебе гьезул цIар ялъуни сурат лъураб цо тIамач*)

ШМЫГ *межд. в знач. сказ.* турхь; **ко́шка ~ под стол** кето столалда гъоркье турхь (*турхьан борчIун ана*)

ШМЫ́ ГАТЬ[1] *несов. разг.* 1) дове-гьаниве вортанхъизе, рахъ-рахъалде хьвадизе, терхезе 2) хехго багъаризабизе, добе-гьанибе бачине, лъулъазе 3) вихьичIого нахъе ине, тIерхьине, цевеса тIагIине

ШМЫ́ГАТЬ[2] *несов. разг.*: ◊ ~ **но́сом** гьаракь бахъинабун магIарзухъан хIухьел цIазе

ШМЫГНУ́ ТЬ *однокр. к* **шмы́гать**[1]

ШМЯ́КНУТЬ *сов. прост. кого-что* чвархъан рехизабизе, бортизабизе, бегизабизе

ШМЯ́ КНУТЬСЯ *сов. прост.* чвархъан бортизе, речIчIизе

ШНИ́ ЦЕЛЬ *м кул.* шницель *(бухараб гьанал тIеренаб котлета)*

ШНУР *м* 1) чIоло, чалу,квар *(тIеренаб)* 2) *спец.* резиналъул гъат тIад бугеб электрикалъул квар ◊ **бикфо́рдов** ~ *тех.* цIа гьолеб питил *(капсула кьвагьизабизе)*

ШНУРОВА́ТЬ *несов.* 1) *кого-что* чIолоялъ (чалуялъ, кваралъ) бухьине; ~ **боти́ нки** ботинкаби чIолоялъ (кваралъ) рухьине 2) *что (прошивать шнуром*) чIолоялъ (чалуялъ, кваралъ) букъизе

ШНУРО́ВКА *ж* **1.** (*по гл.* **шнурова́ть**) чIолоялъ (чалуялъ, кваралъ) бухьин яги букъи **2.** (*шнурки*) хьитал рухьунеб чIоло; чIалаца бухьараб бакI.

ШНУР//О́К *м* тIеранаб чIоло, чалу, квар; **~ки́ для боти́ нок** ботинкаби рухьунел чIалал

ШНЫРЯ́ТЬ *несов. разг.* гIедегIун дове-гьаниве, рахъ-рахъалде хьвадизе ◊ ~ **глаза́ми** дора-гьанир берал речIчIизаризе; рахIат хун *сундухъниги* валагьахъдизе

ШОВ *м* 1) кьегI, рукъумухъ; **сшить швы** кьегI чIвазе; **распоро́ть по шву** кьегI чIвараб бакI ккун чIалхине 2) рацIцIи́; **швы косте́й че́репа** гвангварадул рукьбузул рацIцIалаби 3) букъулеб, угъун гьабулеб къагIида; **намёточный** ~ букъилалде цебеккунго гьабураб кьегI ◊ **наложи́ ть** ~ квар чIван, ругъун букъизе; **снять швы** ругъун сахлъигун, кварал рахъизе; **трещи́ть по все́м швам** паналъизе, биххизе, чIунтIизе; **ру́ки по швам** ритIун гIодоре квералги риччан

ШОВИНИ́ЗМ *м* шовинизм (*цIакъго гIорхъолъа борчIараб миллатчилъи*)

ШОВИНИ́ СТ *м* шовинист (*шовинизмалъул бербалагьиялъул чи*)

ШОВИНИСТИ́ ЧЕСКИЙ, -ая, -ое шовинизмалъул(аб), миллатчилъиялъулаб

ШО́ВН//ЫЙ, -ая, -ое кьегIалда релълъараб, кьегIалъухъего гьабураб; букъиялъе, щула гьабиялъе бугеб

ШОК *м мед.* шок (*рекIел низам биххун яги кутакаб тунки щун кинабго чорхол сахлъи хвей*)

ШОКИ́ РОВАТЬ *несов. кого* виххизавизе (*адаб, намус хвезабиялдалъун*); санагIат гьечIеб хIалалде ккезавизе

ШО́КОВ//ЫЙ, -ая, -ое *мед.* шокалъул(аб), чорхол сахлъи биххараб; **~ое состоя́ ние** чорхол сахлъи биххараб хIал

ШОКОЛА́Д *м* шоколад

ШОКОЛА́ДКА *ж* шоколадалъул гьитIинаб плитка

ШОКОЛА́ДНЫЙ, -ая, -ое 1) шоколадалъул; шоколад гьабулеб; ~ **торт** шоколадалъул торт 2) (*о цвете*) шоколадалъул кьераб, тIулакьераб

ШО́МПОЛ *м* чIортобахъ, тункIил чIор *(хIара бацIцIунеб)*

ШО́МПОЛЬНЫЙ, -ая, -ое чIортобахъалъул, тункIил чIоралъул

ШО́РНИК *м* чIоло-кваралъул устар; кьалазул, хомутазул устар

ШО́РНИЧАТЬ *несов.* кьалал, хомутал гьаризе; чIалазул (кваралъул) щибниги жо гьабизе

ШО́РНЯ *ж* чIоло-кваралъул мастерская; **колхо́зная** ~ колхозалъул чIоло-кваралъул (кьалал, хомутал гьарулеб) мастерская

ШО́РН//ЫЙ, -ая, -ое чIоло-кваралъул(аб); **~ые изде́лия** чIоло-кваралъул гьабураб къайи; **~ая мастерска́я** чIоло-кваралъул мастерская

ШО́РОХ *м* шуршури, хваш-хваши

ШО́РТЫ *мн.* накалдаса тIаде борчIараб къокъаб тIажу, шортал

ШО́Р//Ы *мн.* 1) чол беразда хьолбохъ ралел пардавал *(хьолбохъ бугеб жо бихьунгутIизе)* 2) чу гьакида баялъе кьваригIунеб чIоло-квар 3) *перен.* квекIен, авара *(щибниги бичIчIизе, бихьизе, лъазе)* ◊ **взять в ~ы, держа́ть в ~ах** сундуего гIурхъи чIвазе, ишалъе эркенлъи биччангутIизе

ШОССЕ́ *с нескл.* нух, шагьранух; чабах бан гьабураб нух

ШОССЕ́ЙН//ЫЙ, -ая, -ое шагьранухалъул(аб); **~ые доро́ги** шагьранухал

ШОССИ́ РОВАТЬ *сов. и несов.* ганчIинух гьабизе, шагьранух гьабизе

ШОТЛА́НДЕЦ *м* шотландияв

ШОТЛА́НДКА[1] *ж* шотландияй

ШОТЛА́НДКА[2] *ж (ткань)* чараб рукъал къотIараб ххам

ШОТЛА́НДСКИЙ, -ая, -ое Шотландиялъул, шотландиязул(аб); ~ **язы́ к** шотландиязул мацI

ШОТЛА́НДЦЫ *мн.* шотландиял

ШОФЁР *м* шофёр

ШОФЕРНЯ́ *ж собир. пренебр.* шофёрал, шофёрзаби

ШОФЁРСК//ИЙ, -ая, -ое шофёрасул; **~ие ку́рсы** шофёразул курсал

ШПА́Г//А *ж* битIараб, халатаб, чIедераб хIараялъул хвалчен ◊ **скрести́ ть ~и** *прям., перен.* къецалде, рагъде, дуэлалде рахъине

ШПАГА́Т *м* 1) габаниквар 2) *спорт.* боходул гIатIидго тIирхъизарун чIоло гIадин ракьалда цузари, шпагат

ШПАГА́ТНЫЙ, -ая, -ое габаникваралъул

ШПАКЛЕВА́ТЬ *несов. что* шпаклевка гьабизе *(кьватIарал, ричIарал, гьетIарал бакIал ритIизаризе, рацизаризе); рохьилалде (лажбар бахиналде) къадал замазкаялъ ритIизаризе)*

ШПАКЛЁВКА *ж* 1. (*по гл.* **шпаклева́ть**) кьватIелал (ричIарал бакIал) хIатIалъ цIезари, раци 2. нахуда мел билъараб хIатI, замазка; къадада *гьелъ* гьабураб хъал

ШПАКЛЁВЩИК *м* шпаклёвщик (*кьватIелал, ричIарал бакIал хIатIалъ цIезарулев, рацизарулев чи*)

ШПА́ЛА *ж ж.-д.* шпала (*маххул нух гьабулаго рельсазда гъоркь лъолеб чIалу*)

ШПАЛЕ́РА *ж* шпалера (1 *нухлул кIиябго рахъалда чIараб аскаралъул мухъ*; 2 *нухлул кIиябго рахъалда чIарал гъутIбузул кьер;* 3 *обоязул цо тайпа*)

ШПАНА́ *м, ж собир. прост.* хулиганал, жуликал, къватIахъ хутIарал, тIалаб гьабизе чи гьечIел

ШПАРГА́ЛКА *ж разг.* шпаргалка (1 *цIалдохъанас учителасдаса балъго хIалтIизабулеб дарс хъвараб кагъат*; 2 *кIалъалев чиясе цебего текст хIадур гьабураб кагъат*)

ШПА́РИТЬ *несов.* 1) *кого-что разг. (кипятком)* бухIараб лъим тIаде тIезе, бухIараб лъелъе рехизе, бухIараб лъелъ лъезе; **~ бельё** бусадул къайи-къоно бухIараб лъелъе рехизе, бухIараб лъелъ лъезе; 2) *прост. щибниги жо* хехго (лъикI) гьабизе (абизе, бицине); **~ на гармо́шке** аргъан шавкь щун хъвазе; **~ по-неме́цки** немец мацIалда лъикIго кIалъазе

ШПАТ[1] *м* шпат (*минералаъул цо тайпа*)

ШПАТ[2] *м* шпат (*чуязул боздузул унти*)

ШПИГОВА́ТЬ *несов.* 1) *что* болъонил тIатIи жаниб лъун, цIезабизе 2) *перен. кого-что* рекIелъе ккезабизе, рекIелъе босизабизе

ШПИК[1] *м* (*свиное сало*) болъонил тIатIул цIамхIалал кескал

ШПИК[2] *м разг. (сыщик)* полициялъул балъгояв агент, шпик, шпион, жасус

ШПИЛЬ *м* 1) *архит.* минаялъул бегIераб тIогь 2) халатаб магI

ШПИ́ ЛЬК//А *ж* 1) (*для волос*) шпилька (*ботIрол рас данде бакIарун чIезабизе чIвалеб кIигIаркьелаб тел*) 2) *тех.* кIибетIераб магI 3) чIедераб халатаб хьитазул эгъе 4) *перен. (колкость)* хIунсулеб ргIи; **подпуска́ть** ~ *кому-л. лъиданиги* хIунсизе, хIунсулеб ргIи рехизе

ШПИНА́Т *м* шпинат (1 *бот. пастIаниб бижулеб тIамах кваназе бегьулеб хер;* 2 *гьеб харил гьабураб квен*)

ШПИНА́ТНЫЙ, -ая, -ое шпинаталъул(аб)

ШПИНГАЛЕ́Т *м* 1) шпингалет (*гордал, нуцIби рахалел*) 2) *прост.* гьитIинав тирияв (чIаголъи бугев,чIинкьа-кIитIарав) вас

ШПИ́НДЕЛЬ *м тех.* шпиндель (1 *станокалъул тирулеб хIос*; 2 *дергъолеб машинаялъул мерго*)

ШПИО́Н *м* жасус, шпион

ШПИОНА́Ж *м* шпионлъи гьаби, жасуслъи гьаби

ШПИО́НИТЬ *несов. разг.* 1) шпионлъи (жасуслъи) гьабизе 2) **~ за кем** хал ккевезе, балъго *лъиданиги* хадув лъугьине

ШПИО́НКА *ж* шпионка, жасус (*чIужугIадан*)

ШПИО́НСКИЙ, -ая, -ое шпионазул(аб), жасусазул(аб); **~ центр** шпионазул центр

ШПИЦ[1] *м устар. см.* шпиль (1) *знач.*)

ШПИЦ[2] *м (собака)* шпиц (*ризаб халатаб хIеренаб расалъул гьитIинаб рукъалъул гьой*)

ШПОН *м* **шпона** *ж топогр.* шпон, шпона (*рищарал мухъазда гьоркьоб лъолеб магIданалъул тIеренаб къоно, пластинка*); цо хъалалъул теренаб фанера

ШПО́НКА *ж тех.* шпонка (*щибниги цолъизабизе хIал-тIизабулеб алат – машинаялда, механизмалда*)

ШПО́Р//А *ж* 1) (*у всадника*) шпора (*чу гIедегIизабизе чахъалда тенкезабулеб чакмадул аъалда нахъа балеб гIусалги ругеб маххул гьитIинаб гор*); **дать ~ы коню́** чу гIедегIизабизе 2) (*у птиц*) лълъар; **~ы у петуха́** хIелкил лълъарал (*боздузда*)

ШПРИЦ *м* шприц (*чорхолъе дару биччалеб медициналъул алат*)

ШПРО́Т//Ы *мн.* (*ед.* **~а** *ж;* **шпрот** *м*) шпротал (1 гIисинал ралъдал ччугIби; 2 шпротазул гьабураб консерв)

ШПУ́ ЛЕЧНЫЙ, -ая,-ое шпулькаялъул, чархалъул

ШПУ́ЛЬКА *ж* шпулька (*ретIел букъулеб, ххам бессулеб машинаялда кун жемулеб чарх*)

ШПУНТ *м тех.* шпунт (*кIиго хъарщи цоцалъе биччазе гьабураб гIанлъи*)

ШПУНТОВА́ТЬ *несов.* шпунт (гIанлъи) бахъизе

ШПУР *м горн. (отверстие*) *кьуру ва гь.ц. кьвагьизе бахъараб* къваридаб каратI

ШРАМ *м* ругънал хутIараб гIуж

ШРАПНЕ́ЛЬ *ж* шрапнель (*чIахIияб сачмадул цIураб гIарададул гулла*)

ШРИФТ *м молигр.* шрифт (*басмаханаялъул хIарпазул тIубараб комплект*)

ШРИФТОВО́Й, -а́я, -о́е шрифталъул(аб)

ШТАБ *м* штаб; **генера́льный** ~ генералияб штаб, бетIераб штаб (*аскаразе нухмалъи гьабулеб орган*)

ШТА́БЕЛЬ *м* мачIу; **~ дров** цIулал мачIу; **сложи́ть ~** мачIу чIвазе (гьабизе, къазе)

ШТАБЕЛИ́ РОВАТЬ *сов. и несов.* мачIу чIвазе (гьабизе, къазе)

ШТАБИ́ СТ *м* штабалъул офицер, штабалда вугев офицер

ШТАБ-КВАРТИ́ РА *ж* штаб-квартира, штаб-рукъ (*штаб бугеб бакI)*

ШТАБНО́Й, -а́я, -о́е штабалъул; **~ офице́р** штабалъул офицер

ШТАБ-ОФИЦЕ́Р *м воен. уст.* штаб-офицер

ШТАБС-КАПИТА́Н *м воен. уст.* штабс-капитан

ШТАКЕ́ТНИК *м собир.* штакетник (1 *чали, сангар къалел чIедерал хъарщал*; 2 *гьединал хъарщазул гьабураб чали*)

ШТАМП *м* 1) (*штемпель*) штамп (*идараялъул цIар хъвараб*); **поста́вить ~** штамп лъезе, печать (чIвазе) 2) (*форма*) штапм, куц 3) *перен.* пикру загьир гьабиялъул басралъараб, къадру хвараб цого къагIида; **мы́слить ~ами** цого къагIидаялъ пикру гьабизе (ургъизе)

ШТАМПОВА́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое штампалъ гьабулеб, штампалдалъун гьабулеб, цого куц чIван гьабулеб; **~ стано́к** штампалдалъул деталал гьарулеб станок

ШТАМПОВА́НИЕ *с* (*по гл.* **штампова́ть**) штампалъ гьаби, коцонибе тIун гьаби

ШТАМПО́ВАНН//ЫЙ, -ая, -ое 1) штампалъ (коцонибе тIун) гьабураб; **~ая дета́ль** коцонибе тIун гьабураб деталь 2) *перен.* гIемер хIалтIизабураб, коцонибе тIурабгIан релълъараб, хIадурараб; **~ые фра́зы** гIемер хIалтIизарулел (хIадурарал) ргIаби

ШТАМПОВА́ТЬ *несов. что* 1) (*ставить штамп*) мугьру чIвазе 2) (*изготовлять*) коцонибе тIун гьабизе; штампалъ гьаризе; **~ дета́ли** коцонире тIун деталал гьаризе 3) *перен.* цогиялда релълъинабизе, релълъун гьабизе

ШТАМПО́ВКА *ж* 1) (*по гл.* **штампова́ть**) штамп кьабун гьаби, штампалдалъун гьаби 2) штамповка (*штампалдалъун гьабураб жо*)

ШТАМПО́ВЩИК *м* штамповщик (*штампалдалъун деталал гьарулеб станок; пресс хIалтIизабулев чи*)

ШТАМПО́ВЩИЦА *ж* штамповщица

ШТА́НГА *ж* штанга; **спорти́вная ~** спорталъул штанга

ШТАНГЕНЦИ́РКУЛЬ *м* штангенциркуль (*деталазул роцен борцунеб мIагIел*)

ШТАНГИ́СТ *м спорт.* штангист, штанга борхулев спортсмен

ШТАНИ́ НА *ж разг.* тIаждагIаг

ШТАНИ́ ШКИ *мн. уменш. от* **штаны́**

ШТАНЫ́ *мн. разг.* тIажу

ШТА́ПЕЛЬ *м (ткань)* штапель (*тIеренаб вискозалъулаб яги синтетикияб ххам*)

ШТА́ПЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое штапелалъул ~ **хала́т** штапела-лъул халат

ШТАТ[1] *м* штат (*пачалихъазул административияб бутIа, жиндирго хIукумат бугеб область*); **Соединённые Шта́ты Аме́рики** Америкаялъул Цолъарал Штатал

ШТАТ[2] *м* штат (*учреждениялъул хъулухъчагIазул чIараб состав*); **зачи́ слить в ~** штаталде восизе (лъезе), хъулухъалде восизе; **утверди́ть ~ы** штатал (хъулхъал) тасдикъ гьаризе

ШТАТИ́В *м* штатив, гьоркьлъел (*химиялъулаб цIарагIалда, батIи-батIиял приборазда гьоркь лъолеб ва гьел тIад щула гьарулеб*)

ШТА́ТН//ЫЙ, -ая, -ое штаталъул(аб), штатияб; **~ый сотру́дник** штаталда вугев хIалтIухъан (хъулухъчи) ◊ **~ое расписа́ние** штатазул расписание *(кинаб бугониги идараялъул хIалтIухъабазул къадар, тIадал ишал ва харжал рихьизабураб документ*)

ШТА́ТСК//ИЙ, -ая, -ое **1.** гражданияб, рагъулаб гуреб; **~ое пла́тье** гражданияб (рагъулаб гуреб) ретIел **2.** *в знач. сущ.* **~ий** *м*

гражданияв, рагъулав гурев; **воéнные и ~ие** рагъулал ва рагъулал гурел (гражданиял)

ШТЕМПЕЛЕВА́НИЕ *с* (*по гл.* **штемпелева́ть**) штемпель (*мугьру*) чIвай

ШТЕМПЕЛЕВА́ТЬ *несов. что* штемпель (*мугьру*) чIвазе

ШТЕ́МПЕЛЬ *м* 1) (*прибор*) штемпель, печать, мугьру 2) (*оттиск*) мугьру чIван лъугьараб сурат

ШТЕ́МПЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое штемпелалъул, печаталъул, мугьруялъул; **~ая поду́шка** мугьруялъул гьитIинаб къандалъо *(щакъи гъорлъ бессараб)*

ШТЕ́ПСЕЛЬ *м эл.* штепсель (*электрикалъул ва радиоялъул кваралда рекъезабураб ва жиб розеткаялда къазабулеб алат*)

ШТЕ́ПСЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое штепселалъул; **~ая ви́лка** штепселалъул гIучI (вилка)

ШТИБЛЕ́ТЫ *мн.* (*ед.* **штибле́т** *м*) бихьиназул хьитал (ботинкаби)

ШТИЛЬ *м* тIубараб гIодоцин *(ралъдал, гIурул),* сасин

ШТИФТ *м* штифт, бетIер гьечIеб гьитIинаб бурав, магI

ШТИФТОВО́Й, -ая, -ое штифтаз цолъизабураб, штифтал ругеб

ШТИ́ ХЕЛЬ *м* штихель (*хъвалсазабун тIогьисаги къотIараб, гIанлъун, тIаде цун, накъищал, суратал гьарулеб чармил тIеренаб тIагIел*)

ШТО́ЛЬНЯ *ж* штольня, шахта (*ракьулъ магIдан бахъизе гьабураб бакI)*

ШТО́ПАЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое шушунеб; **~ая игла́** шушунеб рукIкIен

ШТО́ПАН//ЫЙ, -ая, -ое шушараб, шушун къачIараб; **~ые чулки́** шушун къачIарал щватаби

ШТО́ПАЛЬЩИЦА *ж* шушун *(щватаби ва гь.ц.)* къачIалей угIадан

ШТО́ПАНЬЕ *с* (*по гл.* **што́пать**) шушин, шушун рукъи бай

ШТО́ПАТЬ *несов. что* шушине; **~ носки́** щватаби шушине

ШТО́ПК//А 1) *см.* **што́панье** 2) (*нитки*) шушунеб кун, шушине бугеб кун 3) (*заштопанное место*) шушараб бакI; **чулки́ со ~ой** шушараб бакI бугел щватаби

ШТО́ПОР *м* 1) штопор, бурав (*шишаялъул кIалтIаса сакI бахъулеб бурав*) 2) *ав.* штопор (*бурав гIадин сверулаго, борти; кьур-кьурун, тIаса гIодобе балагьун, боржин*); **войти́ в ~** штопор гьабизе; **вы́йти из ~а** штопоралдаса борчIизе

ШТО́ПОРИТЬ *несов. ав.* штопор гьабун, гIодобе бачIине, бурав гIадин сверулаго, гIодобе бачIине, кьур-кьурун, тIаса гIодобе балагьун, боржине

ШТО́Р//А *ж* штора, гордабигъ (*гордазда бигъулеб пардав*); **опусти́ть ~ы** гордаригъал гIодоре риччазе

ШТО́РКА *ж уменьш. от* **што́ра**

ШТОРМ *м ралъдада бахъунеб* кутакаб гьури

ШТОРМИ́ТЬ *несов. мор.* кутакаб гьури бахъине, ралъад багъаризе

ШТОРМО́ВКА *ж* штормовка (*жанибе цIад, лъим биччалареб куртка*)

ШТОРМОВА́ТЬ *несов.* кутакаб гьури хIехьезе (*гамаялъ ва гьелъул экипажалъ)*

ШТОРМОВ//О́Й, -а́я, -о́е кутакаб гьури (пуй) бахъараб (бугеб); **~а́я пого́да** кутакаб гьури бахъараб (бугеб) гьава-бакъ

ШТОФ[1] *м* штоф (*ведроялъул анцIил бутIаялда бащадаб гIурусазул некIсияб роцен*)(*чагъир, гIаракъи борцунеб роцен*)

ШТОФ[2] *м* штоф (*квасул яги чиллайдул бакIаб бищатаб ххам, мебелалда кколеб, берцинлъиялъе бигъулеб*)

ШТРАФ *м* гIакIа; **наложи́ть** ~ гIакIа (къотIизе) лъезе; **взима́ть ~** гIакIа бахъизе; **плати́ть ~** гIакIа кьезе

ШТРАФН//О́Й, -ая, -ое 1) гIакIадул(аб); **~ы́е де́ньги** гIакIадул гIарац 2) *спорт.* штрафной, гIакIадул(аб); **~о́й уда́р** гIакIадулаб кьаби (*масала, кавабахъе торгIо*)

ШТРАФОВА́ТЬ *несов. кого-что* гIакIа лъезе (къотIизе)

ШТРЕЙКБРЕ́ХЕР *м* штрейкбрехер (*хIалтIухъабаз капиталистазул предприятиялда забастовка гьабулеб механъ, гьезул бакIалда хIалтIизе лъугьунев хиянатчи*)

ШТРЕЙКБРЕ́ХЕРСТВО *с* штрейкбрехерлъи

ШТРЕК *м* штрек (*магIдан бахъулеб бакIалда гIебльухъе ракьулъан бугеб нух*)

ШТРИХ *м* 1) (*тонкая черта*) тIеренаб хIучч 2) *перен.* штрих (*хасият-гIамалалъул цо чIил, цо жоялда хасаб гIаламат, гIуж*)

ШТРИХОВА́ТЬ *несов. что* тIеренал хIуччал рахъизе (цIазе)

ШТРИХО́ВКА *ж* (*по гл.* **штрихова́ть**) тIеренал хIуччал рахъи (цIай)

ШТРИХОВО́Й, -а́я, -о́е тIеренал хIуччал рахъун (цIан) гьабураб; **~ рису́нок** тIеренал хIуччал рахъун гьабураб сурат

ШТУДИ́РОВАТЬ *несов. что* лъикI лъазабизе (цIализе); **~ курс исто́рии** историялъул курс лъикI лъазабизе

ШТУ́К//А *ж* 1) (*отдельный предмет*) *щибниги жоялъул* тIубараб кесек, цо жо; **не́сколько штук я́блок** цо чанго гIеч; **по рублю́ за ~у** цо-цо жо гъуршиде 2) *разг. (вещь)* жо; **хоро́шая ~а** лъикIаб жо 3) *разг. (выходка)* щибниги жо, гIамал, иш; **э́то всё его́ ~и** гьаб кинабго досул иш буго

ШТУКАТУ́Р *м* штукатур, сали (хIарщ) лъолев чи (*салул раствор къадазда лъолев чи*)

ШТУКАТУ́РИТЬ *несов. что,* сали лъезе *(салул раствор къадазда лъезе)*

ШТУКАТУ́РКА *ж* **1.** (*по гл.* **штукату́рить**) сали лъей **2.** къадазда лъезе хIадурараб салул раствор, хIарщ; **~ обвали́лась** чIвараб хIарщ тIун (гъун) бачIана

ШТУКОВА́ТЬ *несов. что* рукъумухъ лъалареб (бихьулареб) куцалда букъизе

ШТУКО́ВКА *ж* 1. (*по гл.* **штукова́ть**) рукъумухъ лъалареб (бихьулареб) куцалда букъи 2. (*заштукованное место*) букъараб бакI

ШТУРВА́Л *м* штурвал (*гама, самолет, комбайн бачунеб рулалъул гьоко*); **стоя́ть за ~ом** гама (самолет, комбайн) бачине

ШТУРВА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое **1.** штурвалалъул; **~ое колесо́** шутрвалалъул гьоко **2.** *в знач. сущ.* **~ый** *м* бачунев чи *(гама, комбайн)*

ШТУРМ *м* 1) гьужум; **брать кре́пость ~ом** хъала гьужум гьабун бахъизе 2) *перен.* мурадалде щвезелъун кутакаб табдир гьаби

ШТУ́РМАН *м мор. ав.* штурман (*гама, самолет битIараб нухда бачине лъалев специалист*)

ШТУ́РМАНСК//ИЙ, -ая, -ое штурманасул; **~ая каби́на** штурманасул кабина

ШТУРМОВА́ТЬ *несов. что* гьужум гьабизе, тIаде кIанцIизе; **~ го́род** шагьаралда тIаде кIанцIизе (гьужум гьабизе)

ШТУРМОВИ́К *м (военный самолет)* штурмовик

ШТУРМОВ//О́Й, -а́я, -о́е *воен.* гьужум гьабулеб, гьужумалъулаб; **~а́я гру́ппа** гьужум гьабулеб къокъа ◊ **~а́я авиа́ция** рагъулаб гьужумалъулаб авиация

ШТУРМОВЩИ́НА *ж разг.* штурмовщина (*нахъе ккедал, план тIубазелъун гIедегIун гьабулеб хIалтIи*)

ШТУ́ЧК/А *ж уменьш. от* **шту́ка; ты свои́ ~и брось!** дуца гьел ишал (гIамалал) те (гьаруге)

ШТУ́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое цо-цоккун рикIкIунеб, бетIерккун рикIкIунеб; **~ый това́р** бетIерккун рикIкIунеб къайи; **~ая прода́жа** цо-цоккун бичи

ШТЫК[1] *м воен.* туманкIул хеч ◊ **встре́тить в ~и́** цIакъ бокьичIого, тушманго къабул гьабизе; **как ~** *разг.* хабар (кIалъай) гьечIого, щакIъи гьечIого; бихьизабураб заманалда

ШТЫК[2] *м* белалъул бицалъи бугеб ракьул гъат

ШТУКОВА́ТЬ *несов. что* белалъул гьварилъиялда ракь бегизе, гьанкIизе

ШТЫКОВ//О́Й, -ая, -ое хочол(аб), хечалъул; **~ая ра́на** хочол ругъун; **~ая ата́ка** хучдуздалъун гьабулеб гьужум

ШТЫРЬ *м тех.* штырь (*цоцазда цолъизарулел деталал данде ккезаризе гьоркьосан биччалеб тIогьисаги бегIераб гургинаб хIос*)

ШУ́Б//А *ж* 1) тIимугъ, хъабарча 2) хIайванальул ризаб квасрас; цIоко, тIом; **~а овцы́** чахъдал ризаб квас 3) *перен.* цIорон хадуб лъугьараб гIаздал хъал (гъат) ◊ **~ы не сошьёшь** *из чего-н. разг. сундасаниги* щибниги пайда-хайир букIине гьечIо

ШУ́ГА *ж собир.* ихдал гIоралъ бачIунеб гьацаб цIер

ШУ́ЛЕР *м* кагътаз хIалаго хIилла гьабулев чи, хIиллачи

ШУ́ЛЕРСКИЙ, -ая, -ое хIиллачиясул; **~приём** хIиллачиясул къагIида

ШУ́ЛЕРСТВО *с* кагътаз хIалаго хIиллачилъи гьаби, хIиллачилъи

ШУМ *м* 1) хъуй, хъуди, сас; **~ ве́тра** гьорол сас (хъуй); **без ~а** хъуй гьечIого 2) (*крик, ссора*) хъуй, ахIи-хIур, дагIба; **что за ~ ?** гьаб щиб ахIи-хIур (хъуй)? 3) *разг. (толки, оживленное обсуждение*) гаргар, хабар 4) *физ., мед.* хъуй, сас; **~ в се́рдце** рекIелъ рагIулеб сас; **~ в ушáх** гIундузда жаниб бугеб сас

ШУМ//Е́ТЬ *несов.* 1) хъуй гьабизе, хъудизе; **де́ти ~я́т** лъимал хъудулел руго 2) *разг. (скандалить*) гъалмагъир гьабизе, гIала-гъважа гьабизе 3) *разг.* ахIдезе, дагIбадизе ◊ **~и́т в уша́х** гIиндамес бакъвазабулеб бугo

ШУМИ́ Х//А *ж разг.* гIадада, гIилла гьечIого бахъинабураб ахIи-хIур; **подня́ть ~у** ахIи-хIур бахъинабизе, багъаризабизе *(гIадада, гIилла гьечIого)*

ШУМЛИ́ ВЫЙ, -ая, -ое ахIи-хIуралъулаб, хъуй-хъай бугеб; **~ ребёнок** хъуй-хъай гьабулеб, бокьулеб лъимер

ШУ́МНО *в знач. сказ.* хъуй (ахIи-хIур) буго; **на у́лице** ~ къотIноб ахIи-хIур буго

ШУ́МН//ЫЙ, -ая, -ое 1) гьаракь (сас) гIемераб, ахIи-хIур гIемераб, гъавгъа гIемераб; **~ая у́лица** гъавгъа гIемераб къватI 2) *перен.* кIудияб асар гьабулеб, хъуй бахъараб; **~ый успе́х** кIудияб ахIихIур бахъараб бергьенлъи

ШУМО́ВКА *ж* хинкIбахъ

ШУМО́К *м разг.* загIипаб хъуй (сас)

ШУ́ РИН *м* чIужуялъул вац

ШУРОВА́ТЬ *несов.* 1) *что тех.* корониб бухIулеб цIадари жубазабизе, багъаризе 2) *прост. (действовать быстро, энергично*) *щибниги* хехго, гьираялда (хIаракат бахъун) гьабизе

ШУРУ́ П *м* бурав, буравмагI

ШУРФ *м горн.* шурф (*ракьулъ магIдан бугищали хал гьабизе яги кьвагьулел хIалтIабазе тIасагъоркье гьабураб рорлъи*) каратI

ШУРША́НИЕ *с* (*по гл.* **шурша́ть**) шуршуди, шур-шури, хваш-хваши

ШУРША́ТЬ *несов.* шуршудизе, хваш-хваши бахъине

ШУ́ СТРЫЙ, -ая, -ое *разг.* лебалав, хехав, тирияв

ШУТ *м уст.* махсарочи, гIадамал релъанхъизарулев чи ◊ **како́го ~а́?** щай, сундуе гIоло?

ШУТ//И́ТЬ *несов.* 1) махсара гьабизе; **~и́ ть с детьми́** лъималазе махсара гьабизе; **остроу́мно ~и́ть** цIодорго (гIакъилго) махсара гьабизе 2) (*говорить не всерьез*) махсара гьабун кIалъазе; **за́втра я уезжа́ю. – Ты ~ишь?** метер дун ине вуго *(сунданиги рекIун)*. – Дуца махсара гьабулеб гурищ? 3) *чем (пренебрегать*) малъие гьабунгутIизе, сан гьабунгутIизе, гьабичIого тезе; **нельзя́ ~и́ть свои́м здоро́вьем** дурго чорхол сахлъиялъулгун махсара гьабизе бегьуларо ◊ **~и́ ть с огнём** хIинкъи бугеб иш гьабизе; **чем чёрт не ~ит** нагагьлъун, балики, букIине бегьула, щиб лъалеб, цощинаб

ШУТИ́ ХА *ж уст.* махсарочIужу, гIадамал релъанхъизарулей гIадан

ШУ́ ТК//А *ж* 1) махсара; **зла́я ~а** бухIизабулеб (квешаб) махсара; **ему́ не до шу́ток** гьев махсарабазде регIун гьечIо; **обрати́ ть в ~у** махсараялде сверизабизе, буссинабизе; **сказа́ть** *что-н.* **в ~у** *щибниги жо* махсараялъе абизе, махсара гьабизе ◊ **без шу́ток** унго-унголъун, махсара гьечIого; **в ~у** махсародего; **кро́ме шу́ток** *в знач. вводн. сл.* унго-унго; **не ~а** *в знач. сказ.* махсара гуро; **~а ли** *или* **~ сказа́ть** гьадингояб жо (иш) гуро; **~и в сто́рону (прочь)** махсара жахIабго тун, унго-унгояб куцалда; **с ним ~и пло́хи** гьесулгун махсара гьабизе бегьуларо; **~у шути́ть** *разг.* рекIелгъей гьабизе, махсара гьабизе 2) гьитIинаб комедиялъулаб пьеса

ШУТЛИ́ ВО *нареч.* махсара гьабун; **~ сказа́ть** махсара гьабун, абизе

ШУТЛИ́ ВЫЙ, -ая, -ое махсара-хочIалъулаб, махсара бокьулев (бокьулей); **~ тон** махасара-хочIалъулаб къагIидаялъ кIалъай

ШУТНИ́ К *м* махсарочи; **большо́й ~** кIудияв махсарочи

ШУ́ТОЧН//ЫЙ, -ая, -ое 1) релъанхъизарулеб, кепаб, ихтилатаб; **~ое стихотворе́ние** кепаб (ихтилатаб) кечI 2) дагьа-макъаб ◊ **э́то де́ло не ~ое** гьеб иш гьитIинаб (дагьа-макъаб) жо гуро

ШУТЯ́ *нареч.* 1) (*в шутку*) махсародего, махсара гьабун; **сказа́ть ~** махсара гьабуна абизе 2) (*легко, без труда*) бигьаго, гIакъуба бихьичIого; **он ~ поднима́ет три пу́да** дос бигьаго лъабго пуд борхула ◊ **не ~** унго-унгояб куцалда, унго-унголъун

ШУЧУ́ *наст. от* **шути́ть**

ШУШУ́ КАНЬЕ *с* (*по гл.* **шушу́каться**) щурщуди, цогидазда рагIуларедухъ балъгояб жо бицин

ШУШУ́КАТЬСЯ *несов. с кем и без доп. разг.* щурщудизе, щурун кIалъазе; **~ по угла́м** балъго щурщудизе

ШХЕ́РЫ *мн.* ралъдал рагIаллъабазда чIедерал, халатал кьураби яги кьураби ругел чIинкIиллъаби

ШХУ́ НА *ж* шхуна (*кIиго я цIикIкIун гIурдул (мачтаби) ругеб парусалъ (дугъалъ) бачунеб гама*)

ШЬЮ, ШЬЁШЬ *и т.д. наст. от* **шить**

Щ

ЩА́ВЕЛЕВ//ЫЙ, -ая, -ое цIекIудул, цIекIуялъул; **~ые щи** цIекIуялъул (цIекIудул) чурпа ◊ **~ая кислота́** *хим.* цIекIудул (цIекIуялъул) кислота

ЩА́ВЕЛЬ *м* цIекIу

ЩАДИ́ТЬ *несов. кого-что* 1) (*давать пощаду*) гурхIизе, гурхIун тезе, тIаса лъугьине, рахIму гьабизе; **не ~ врага́** тушманасда гурхIунгутIизе 2) (*беречь*) цIунизе, барахщизе; **~ своё здоро́вье** жиндирго сахлъи цIунизе; **не щадя́ сил** къуваталда барахщичIого

ЩАЖУ́ , щади́шь *и т.д. наст. от* **щади́ть**

ЩАМ, ща́ми, о щах *дат., тв., предл. п. от* **щи**

ЩЕБЕ́НКА *ж см.* **ще́бень**

ЩЕБЁНОЧНЫЙ, -ая, -ое чабхилаб, чабах бараб (бугеб)

ЩЕ́Б//ЕНЬ *м* чабах, гъегъ; **мости́ ть ~нем** нухде чабах базе

ЩЕ́БЕТ *м см.* **щебета́ние**

ЩЕБЕТА́НИЕ *с* (*по гл.* **щебета́ть**) чIирчIиди

ЩЕБЕ//ТА́ТЬ *несов.* 1) (*о птицах*) чIирчIидизе 2) *перен.* гIемер гаргадизе, кIалъазе; **де́ти ~чут** лъимал гIемер ва хехго гаргадула (чIирчIириялда рукIуна)

ЩЕБЕТУ́НЬЯ *ж разг.* 1) (*о птицах*) чIирчIидулеб хIинчI 2) *перен. разг. (о девочке, женщине*) чIирчIидиро

ЩЕГЛ//ЁНОК *м* (*мн.* **~я́ та**) *зоол.* сулукадул тIинчI

ЩЕГО́Л *м* сулука (*бакънал рачунеб берцинаб хIинчI)*

ЩЕГОЛЕВА́ТЫЙ, -ая, -ое (*нарядный*) чIухIараб ретIел ретIарав; **~ костю́ м** чIухIараб костюм; **~ вид** къамартIаб, бихьинчияб куц-мухъ

ЩЕГОЛИ́ХА *ж* чухIараб ретIел ретIине бокьулей гIадан, ратIлидаса чIухIарай гIадан

ЩЁГОЛЬ *м* чIухIараб ретIел ретIине бокьулев чи, ратIлидаса чIухIарав чи

ЩЕГОЛЬНУ́ ТЬ *однокр. к* **щеголя́ть**

ЩЕГОЛЬСКО́Й, -а́я, -о́е (*франтовской*) цIакъ чIухIараб; **~ костю́ м** чIухIараб костюм

ЩЕГОЛЬСТВО́ *с (франтовство)* чIухIараб ретIел ретIун, чIухIдари; рецц-бакъ бокьи, вещцаризе бокьи

ЩЕГОЛЯ́ТЬ *несов. разг.* 1) *в чем (щегольски одеваться*) чIухIараб ретIел ретIун, къачIадизе; **люби́ть ~** чIухIдаризе бокьизе 2) *чем перен. (хвастаться*) рихьдае жо гьабизе; **~ свои́ми зна́ниями** жиндирго лъаялдаса чIухIдаризе

ЩЕ́ДРО *нареч.* сахаватго, квер гIатIидго, квер биччан; **~ награди́ ть** сахаватго сайгъат (шапакъат) кьезе

ЩЕ́ДРОСТЬ *ж* сахавалъи, квербиччай, квергIатIилъи

ЩЕ́ДР//ЫЙ, -ая, -ое 1) сахаватаб; **~ый челове́к** сахаватав чи (инсан) 2) (*ценный, значительный*) хирияб, кIудияб, багьаяб; **~ые пода́рки** хириял (багьаял) сайгъатал 3) *перен.* гIемераб, гьарзаяб, ризаб; **~ый на похвалы́** гIемераб рецц гьабулев, рецц-бакъалъе сахаватав

ЩЕЙ *род. п. от* **щи**

ЩЕК//А́ *ж* 1) кIаркьен; **румя́ ные ~и** багIаркьерал кIаркьаби 2) *тех. (боковая часть*) хьибил, хьолбохъабакI *(сундул бугониги)* ◊ **уплета́ть за о́бе ~и́** кIудияб гьираялда хехго кваназе

ЩЕКА́СТЫЙ, -ая, -ое *разг.* кIудиял кIаркьаби ругев

ЩЕКО́ЛДА *ж* хъерщеро; **закры́ть дверь на ~у** нуцIа хъерщероялъ рахазе

ЩЕКОТА́НИЕ *с* (*по гл.* **щекота́ть**) гиди-гиди, гиди-гиди бачин, гиди-гиди рекIинаби

ЩЕКОТА́ТЬ *несов. кого-что* гиди-гиди бачине, гиди-гиди рекIинабизе

ЩЕКО́ТК//А *ж* **1.** (*по гл.* **щекота́ть**) гиди-гиди бачин (рекIин) **2.** гиди-гиди; **она́ бои́тся ~и** гьей гиди-гидиялъукьа хIин-къула

ЩЕКОТЛИ́ ВОСТЬ *ж* 1) кIудияб цIодорлъи (махшел) къваригIин, цIодорлъи тIадаблъун гьаби, кIудияб адаб гьаби 2) унго-унго тартиб цIуни, цIакъ кIудияб кIвар букIин

ЩЕКОТЛИ́ ВЫЙ, -ая, -ое 1) кIудияб цIодорлъи, гIодове ви-ччай, нахъияб рахъалъул хIисаб гьаби хIажалъулеб; **~ вопро́с** цIодорго, гIодове виччан, хIисаб гьабун тIубазе кколеб суал (масъала) 2) (*щепитильный*) *лъидехунниги-сундехунниги* кьури гьечIев, битIараб бербалагьи гьабулев 3) гиди-гиди рекIунеб

ЩЕКО́ТНО *в знач. сказ.* гиди-гиди рекIунеб буго; **мне** ~ дида гиди-гиди рекIунеб буго

ЩЕЛЕВО́Й, -ая, -ое 1) *тех.* ричIи́ бугеб 2) *лингв.* гьодор-лъиялъулаб

ЩЕЛИ́СТЫЙ, -ая, -ое *разг.* кьватIалаби гIемераб, кьватIалаби ругеб, ричIалаби ругеб

ЩЁЛК//А гьитIинаб кьватIел, гьитIинаб бичIараб бакI, гьитIинаб кьватIараб бакI; **смотре́ть в ~у** кьватIелалъубе балагьизе, кьватIелалъусан балагьизе

ЩЁЛКАНЬЕ *с* (*по гл.* **щёлкать**) 1) (*языком*) лонкIи бахъинаби 2) (*щелчок*) тIинкъи 3) (*орехов*) чIваркьан беки 4) (*пение птиц*) бакънал рачин

ЩЁЛКАТЬ *несов.* 1) *кого-что* тIинкъизе; **~ по лбу** надалда тIинкъизе 2) *чем* лонкIи бахъинабизе; **~ языко́м** мацIалъ лонкIи 3) (*петь – о птицах*) бакънал рачине *(хIанчIаз)* ◊ **~ зуба́ми** вакъизе, вакъун вукIине

ЩЁЛКНУТЬ *однокр. к* **щёлкать** 1, 2

ЩЕЛКУ́ Н *м зоол.* цIицIидулеб оцхIутI

ЩЁЛОК *м хим.* щёлок (*щибниги чурулаго хIалтIизабулеб щёлочалъул раствор*)

ЩЕЛО́ЧИ́ ТЬ *несов. сунданиги* гьорлъе щёлочь жубазе

ЩЕЛО́ЧН//О́Й, -а́я, -о́е щёлочь гьорлъ бугеб; **~а́я вода́** щелочь гьорлъе гьабураб лъим

ЩЁЛОЧЬ *ж хим.* щёлочь

ЩЕЛЧО́К *м* 1) тIинкъи; **дать ~ по но́су** мегIералда тIин-къизе 2) *перен. разг. (обида)* ракIхвей, ракI къварид гьаби, барщи

ЩЕЛЬ *ж* 1. кьватIел, бичIараб (кьватIараб) бакI; **смотре́ть в дверну́ю ~** нуцIил бичIараб бакIалдасан балагьизе 2) *воен. (траншея)* хандакъ, бухъун гьабураб хъитI

ЩЕМИ́ //ТЬ *несов. что* 1) *разг. (сжимать)* данде къазе *(сунданиги гьоркьобе ккезабун)* 2) *безл. перен.* унтизе, судизе; **у меня́ ~и́ т се́рдце** дир ракI судулеб (унтулеб) буго

ЩЕМЯ́Щ//ИЙ, -ая, -ое унтулеб, судулеб; **~ая тоска́** ракI бечIазабулеб чIалгIен

ЩЕНИ́ТЬСЯ *несов.* къинлъизе, тIанчIи гьаризе *(гважуца, бацIица, цараца)*

ЩЕ́ННАЯ къинаб *(гважи)*

ЩЕНО́К *м* (*мн.* **щенки́, щеня́та**) таращ

ЩЕНЯ́ЧИЙ, -ья, -ье тарщил, таращалъул; **~ визг** тарщил чIичIиди

ЩЕ́ПА *ж* чIухIтIи, ричIчIи́; дранка

ЩЕПА́ТЬ *несов. что т*Iеренго хвалхьине, бичIизе, тIезабизе; **~ лучи́ ну** кан тIеренго хвалхьине

ЩЕПЕТИ́ЛЬНОСТЬ *ж* унго-унгояб тартиб цIуни, гIисибикъинаб жоялдеги кIвар кьей, тIунтIуди

ЩЕПЕТИ́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое 1) (*принципиальный*) унго-унго тартиб цIунулеб, цIакъ кIвар бугеб, тIунтIудулеб, принципиалияб 2) (*деликатный*) адаб (хIурмат) бугев, хIеренав, недегьав, цIодорлъи бугев; абизе нечараб

ЩЕ́ПКА *ж* гIучI, чIухIтIи ◊ **худо́й как ~** гIучI гIадав хIалакъав чи

ЩЕПО́ТКА *ж см.* **щепо́ть**

ЩЕПО́ТЬ *ж* 1) тIогьиса данд цузабураб лъабго килищ *(кIудияб, чIикIарулеб, гьоркьохъеб)* 2) лъабго килщикь ккураб *сундулниги* къадар; **~ со́ли** лъабго килщикь ккураб цIан, цIамул махIтIи

ЩЕРБА́ТЫЙ, -ая, -ое 1) (*шероховатый*) чанчахараб 2) (*рябой*) тIонтIросараб, тIаде хъутур бараб

ЩЕРБИ́НА *ж* 1) (*зазубрина*) кьужен 2) (*рябинка на лице*) тIонтIро 3) (*между зубами*) ца (гIус) бахъун хадуб цабзазда (гIусазда) гьоркьоб хутIулеб гьодорлъи

ЩЕ́РИТЬ *несов. прост. что* 1) (*скалить*) жиризабизе; **~ зу́бы** цаби жиризаризе 2) (*щетинить*) хучизабизе, рас бахъун чIезабизе

ЩЕ́РИТЬСЯ *несов. прост.* 1) жиризе 2) хучизе, рас бахъун чIезе

ЩЕТИ́НА *ж* 1) къвакIараб (чанлъаб) рас; **свина́я ~** болъонил чанлъаб рас 2) *разг. (волосы на лице*) кIкIвачIеб гьурмада бугеб чанлъаб рас 3) (*щетки*) щеткаялъул рас бугеб бутIа (бакI)

ЩЕТИ́НИСТ//ЫЙ, -ая, -ое къвакIараб (чанлъаб) рас бугеб; **~ые во́лосы** чанлъаб рас

ЩЕТИ́ НИТЬ *несов. что* хучизабизе, рас бахъун чIезабизе; **~ шерсть** квас бахъун чIезабизе

ЩЕТИ́НИ//ТЬСЯ *несов.* 1) хучизе, бахъун чIезе; **ко́шка ~тся** катил рас бахъун чIана 2) *перен. прост. (сердиться)* щцидахине, щцин бахъине

ЩЕТИ́НКА *ж (волосок шерсти, щетины*) къвакIараб (чанлъаб) цо рас

ЩЁТКА *ж* щётка; **зубна́я ~** цабзазул щётка, цаби рацIцIунеб щётка; **сапо́жная ~** хьитал (чакмаби) рацIцIунеб щётка

ЩИ *мн.* щи(*капустадул, цекIудул ва ц. хурдузул гьабураб чурпа*)

ЩИ́ КОЛОТКА *ж* хIатIихинкI; **увяза́ть по ~у** хIатIихинкIалде щвезегIан къан хутIизе; **вы́ше ~ок** хIатIихинкIалдаса тIадегIан

ЩИПА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое бетIулеб *(рас, хер),* хIулизабулеб; **~ая маши́на** хIулизабулеб машина

ЩИПА́НИЕ *с* (*по гл.* **щипа́ть**) бетIи *(хер, рас),* хIулизаби

ЩИ́ПАНЫЙ, -ая, -ое бетIараб, хIулизабураб

ЩИПА́ТЬ *несов.* 1) *кого-что* зинкIкIизе 2) *что (вызывать боль*) бухIизабизе, судизабизе, унтизабизе; **пе́рец щи́плет язы́к** пилпилалъ мацI бухIизабулеб буго 3) *кого-что* бетIизе *(хер, рас);* **ло́шадь щи́плет траву́** чоца хер бетIун кваналеб буго 4) *что* хIулизе; **~ ку́рицу** гIанкIу хIулизе

ЩИПА́ТЬСЯ *несов. разг.* 1) (*щипать кого-л.*) зенкIкIезе 2) (*щипать друг-друга*) цоцада зинкIкIизе

ЩИПКО́В//ЫЙ, -ая, -ое **~ые музыка́льные инструме́нты** килшаз чIваби хъинтIун хъвалел музыкалиял алатал

ЩИПНУ́ ТЬ *однокр. к* **щипа́ть**

ЩИПО́К *м* 1) бетIи, тIей, туркIи, цIай 2) зинкIкIи

ЩИПЦЫ́ *мн.* гъецI; **~ для са́хара** чакар бекулеб гъецI; **хирурги́ческие ~** хирургасул гъецI; **~ для угле́й** тIурччи босулеб гъецI

ЩИТ *м* 1) *воен.* хъалхъан 2) *строит.* къоно (рукъзабазе цебеккунго бетоналъул гьабураб къадал бутIа) 3) хъарщи *(лъазабиял чIвалеб)* 4) щит *(баскетбол хIазе корзина щула гьабураб хъарщи)* 5) щит *(электрикалъул алатал тIад щула гьаруараб мармаралъул къоно)* 6) *воен.* щит (*кьвагьдезе ругьун гьаризе ралъдада лъураб кIудияб ишан*) ◊ **на ~е́ верну́ться** къун вуссине; **со ~о́м верну́ться** бергьун вуссине; **подня́ ть на ~** *кого-л.* кIудияб къимат кьезе (гьабизе), кутакалда вещцизе

ЩИТОВО́Й, -ая, -ое къаназул гьабураб (*мина́*)

ЩИТО́К *м* 1) гьитIинаб щит 2) *зоол.* оцхIутIил куркьбазул къвакIараб пластинка (хъал)

ЩИТООБРА́ЗНЫЙ, -ая, -ое хъалхъан гIадаб, хъалхъаналда релълъараб

ЩУ́ КА *ж* щука (*ччугIа*)

ЩУП *м тех.* щуп (1 *щибниги жо батизе яги сундулниги хIалбихъи гьабизе хIалтIизарулеб чанго алаталъул цIар*; 2 *деталазда гьоркьоб бугеб манзил борцунел алат*)

ЩУ́ПАЛЬЦ//А *мн.* (*ед.* **~е** *с*) *зоол.* рухIчIаголъабазул кварщулел, *щибниги* кколел квачIал

ЩУ́ ПАНЬЕ *с* кварщи (кваши)

ЩУ́ПАТЬ *несов. кого-что* кварщизе; **~ о́пухоль** гьорораб бакI кварщизе **~ глаза́ми (взо́ром)** *кого-что-л.* лъикI (кIвар кьун) балагьизе, хал гьабизе, бераз хал босизе

ЩУ́ПЛЫЙ, -ая, -ое *разг.* къадараб, загIипаб, хIал дагьаб, хIалакъаб, цIубачIеб; **~ челове́к** загIипав чи

ЩУ́РИТЬ *несов. что* къанщизаризе; **~ глаза́** берал къанщизаризе (къаперабаз рацизе)

ЩУ́РИТЬСЯ *несов.* къанщизе; **~ от со́лнца** бакъалда (берал) къанщун ине

ЩУ́ Ч//ИЙ, -ья, -ье щукаялъул(аб); **~ья икра́** щукаялъул икра ◊ **по ~ьему веле́нию** хIикматаб куцалда, жибго жиндасанго

Э

Э *межд.* вахI; **~, да это ты!** вахI, мунищха! (мунищха вукIарав!)

ЭБЕ́НОВЫЙ, -ая, -ое эбенаялъул (*тропикаялда бижулеб чIегIераб гъотIол цо тайпаялъул)* гьабураб

ЭБОНИ́ Т *м* эбонит (*электроникаялда хIалтIизабулеб резина багIаризабун гьабураб къвакIараб чIегIераб кьералъул материал*)

ЭБОНИ́ТОВЫЙ, -ая, -ое эбониталъул(аб); **~ выключа́тель** эбониталъул гьабураб выключатель

ЭВАКОПУ́НКТ *м* эвакопункт (*эвакуцация гьабулеб пункт*)

ЭВАКУАЦИО́НН//ЫЙ, -ая, -ое нахъе гочинариялъул; **~ая коми́ссия** нахъе гочинарулеб комиссия

ЭВАКУА́ЦИЯ *ж* рагъ бугеб бакIалдаса халкъ, боцIи нахъе гочинаби; нахъе гочин

ЭВАКУИ́ РОВАНН//ЫЙ, -ая, -ое **1.** нахъе гочинабураб, эвакуация гьабураб **2.** *в знач. сущ.* **~ый** *м,* **~ая** *ж* нахъе гочинавурав, нахъе гочинаюрай

ЭВАКУИ́ РОВАТЬ *сов. и несов. кого-что* эвакуация гьабизе, нахъе гочинабизе; **~ детей** лъимал нахъе гочинаризе

ЭВАКУИ́РОВАТЬСЯ *сов. и несов.*, нахъе гочине

ЭВЕ́Н *м* эвенав

ЭВЕ́НК *м* эвенкав

ЭВЕ́НКА *ж* эвенай

ЭВЕ́НКИ *мн.* эвенкиял

ЭВЕНКИ́ ЙКА *ж* эвенкияй

ЭВЕНКИ́ ЙСКИЙ, -ая, -ое эвенкиязул(аб); **~ язы́к** эвенкиязул мацI

ЭВЕ́НСКИЙ, -ая, -ое эвен, эвеназул(аб); **~ язы́ к** эвен (эвеназул) мацI

ЭВЕ́НЫ *мн.* эвенал (*Якутиялда, Чукоткаялда… бугеб халкъ*)

ЭВКАЛИ́ПТ *м* эвкалипт (*югалда бижулеб цIакъ кIудияб, борхатаб гъветI)*

ЭВКАЛИ́ ПТОВ//ЫЙ, -ая. -ое эквалипталъул(аб); **~ое де́рево** эквалипталъул гъветI; **~ое ма́сло** эвкалипталъул нах

ЭВОЛЮЦИОНИ́ ЗМ *м* эволюционизм (*эволюциялъул гIелму*)

ЭВОЛЮЦИОНИ́РОВАТЬ *сов. и несов. книжн.* цебе тIезе, хиси ккезе

ЭВОЛЮЦИОНИ́СТ *м* эволюционист, эволюционизмалъул рахъ ккурав чи

ЭВОЛЮЦИО́НН//ЫЙ, -ая, -ое эволюциялъулаб, эволюцияб; **~ое учéние** эволюциялъулаб гIелму, дуниялалда гIумру льугьин (бижи) ва гьелъул цебетIей лъазабулеб гIелму

ЭВОЛЮ́ ЦИЯ *ж* эволюция (*дагь-дагьккун цо хIалалдаса цоги хIалалде гIодобе биччараб куцалда хиси*)

ЭВФЕМИ́ ЗМ *м книжн.* эвфемизм (*рекъон гьечIеб, рекъолареб рагIиялъул яги рагIабазул бухьеналъул бакIалда хIалтIизабизе бегьулеб рагIи яги рагIабазул бухьен: мас. «гIабдал» абураб рагIиялъул бакIалда – «цодагьав камурав»*

ЭВФЕМИСТИ́ ЧЕСКИЙ, -ая, -ое *книжн.* эвфемизмаялъул(аб)

ЭГЕ́, э-ге-ге *межд. разг. (вот оно что*) вахI, тамаша, гIаламат

ЭГИ́Д//А *ж:* **под ~ой** *чего* лъилниги рахъ ккун, цIуниялда гъоркь, кверщалида гъоркь

ЭГОИ́ЗМ *м,* живго вокьи, жиндирго напсиял мурадал, мунпагIатал халкъиял мурадаздаса, мунпагIатаздаса цере кквей, эгоизм

ЭГОИ́СТ *м* живго вокьулев чи, цохIо напсияб мунпагIаталъе гIоло хIалтIулев чи

ЭГОИСТИ́ ЧЕСКИЙ, -ая, -ое эгоизмаялъул(аб), эгоистияб

ЭГОИСТИ́ЧНОСТЬ эгоистлъи, гIицаб жиндирго напсияб рахъ кквей

ЭГОИСТИ́ ЧНЫЙ, -ая, -ое *см.* **эгоисти́ческий**

ЭГОИ́СТКА *ж* жийго цIакъ йокьулей чIужугIадан, цохIо напсияб мунпагIаталъе гIоло хIалтIулей чIужугIадан

ЭГОЦЕНТРИ́ЗМ *м книжн.* гIорхъолъа борчIараб эгоизм

ЭДЕЛЬВЕ́ЙС *м* эдельвейс (*борхатаб магIарда бижулеб берцинаб хъахIаб цIваялда релъльараб тIегьалъул хер*)

ЭЙ *межд.* ле (*по отношению к мужчине*); ю, ё (*по отношению к женщине*); **~, ма́льчик, поди́ сюда́** ле вас, гьаниве вачIа

ЭКВА́ТОР *м* экватор (*ракьул шар севералде ва югалде кIибикьун бихьизабулеб шартIияб хIучч*)

ЭКВАТОРИА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое экваторияб, экваторалъулаб; **~ые стра́ны** экваториял улкаби, экваторалда ругел улкаби

ЭКВИВАЛЕ́НТ *м* эквивалент (1 *къимат, кIвар, магIна цоцада бащалъи, дандбитIи;* 2 *цогидалде дурусуго данде кколеб жо*)

ЭКВИВАЛЕ́НТНОСТЬ *ж* эквивалентлъи, дандеса данде хисизе бегьи, дандеккей

ЭКВИВАЛЕ́НТНЫЙ, -ая, -ое эквивалентияб, къимат (гуч, кIвар) бащадаб, бащалъулеб, данде кколеб

ЭКВИЛИБРИ́ СТ *м* эквилибрист (*палугьанлъиялъулал, акробатикиял упражненият гьарулев циркалъул артист*)

ЭКВИЛИБРИ́СТИКА *ж* эквилибристика (*акробатикиял номерал гьаризе бугеб махщел*)

ЭКВИЛИБРИ́ СТКА *ж* эквилибристка (*палугьанлъиялъулал, акробатикиял упражненият гьарулей циркалъул артистка*)

ЭКЗАЛЬТА́ЦИЯ *ж книжн.* шавкъаб хIал, шавкъ щвей, хIал бачIин

ЭКЗА́МЕН ***м*** 1) экзамен; **госуда́рственный ~** пачалихъалъулаб экзамен; **сдать ~** экзамен кьезе 2) хIалбихьи; **тяжёлый ~** захIматаб хIалбихьи

ЭКЗАМЕНА́ТОР *м* экзаменатор, экзамен босулев (гьабулев) чи

ЭКЗАМЕНА́ТОРСКИЙ, -ая, -ое экзаменаторасул(аб)

ЭКЗАМЕНАЦИО́НН//ЫЙ, -ая, -ое экзаменалъе бугеб, экзаменазулаб; **~ая коми́ссия** экзаменалъулаб (экзамен босулеб) комиссия; **~ая се́ссия** экзаменазулаб сессия (*экзаменал кьолеб заман*)

ЭКЗАМЕНОВА́ТЬ *несов. кого-что* экзамен гьабизе; **~ студе́нта** студентасе экзамен гьабизе

ЭКЗАМЕНОВА́ТЬСЯ *несов.* экзамен кьезе

ЭКЗЕКУ́ТОР *м ист.* экзекутор (1 *некIо Россиялда учрежденийлъул магIишатияб иш гьабулеб чи*; 2 *къаркъалаялъе жаза, тамихI гьабулев чи*)

ЭКЗЕКУ́ЦИЯ *ж уст.* экзекуция (*къаркъалаялъе жаза, тамихI гьаби; судалъул хIукму тIубай (чIвай, буголъи бахъи*)

ЭКЗЕ́МА *мед.* экзема, лъамахIапаро

ЭКЗЕМПЛЯ́ Р *м* 1) экземпляр; **в двух ~ах** кIиго экземпляр 2) (*представитель*) тайпа; **ре́дкий ~ цветка́** къанагIатаб тайпаялъул тIегь

ЭКЗИСТЕНЦИАЛИ́ ЗМ *м филос.* экзистенциализм (*гьанжесеб буржуазияб философиялда ва литератураялда бугеб субъективияб идеализмалъул цо гIаркьел*)

ЭКЗОГА́МИЯ *ж* экзогамия, къватIисан ригьин (*жиндирго тухумалдаса чIужу ячине бегьуларе гIадат*)

ЭКЗО́ТИКА *ж* экзотика (*батIияб улкаялъул чиясда рихьахIун, тамашаго бихьулеб тIабигIат, гIадатал,искусство*)

ЭКЗОТИ́ ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое 1) экзотикияб, гIадатияб гуреб; рикIкIада бугеб; **~ие стра́ны** экзотикиял улкаби; нилъер бербалагьиялдасан тропикиял улкаби 2) *перен.* гIажаибаб, гIадаталдаса бахъараб

ЭКЗОТИ́ЧНОСТЬ *ж* гIажаиблъи, гIадаталдаса бахъи (борчIи)

ЭКЗОТИ́ ЧНЫЙ, -ая, -ое *см.* **экзоти́ческий 2**

ЭКИПА́Ж[1] *м (коляска)* гьоко, файтон

ЭКИПА́Ж[2] *м* экипаж (*гамил, самолеталъул, танкалъул команда*); **~ самолёта** самолёталлъул экипаж

ЭКИПИ́РОВАТЬ *сов. и несов. кого-что* къваригIарабщинаб кьун къачIазе, хIадур гьабизе; **~ экспеди́цию** экспедиция хIадур гьабизе (*гьелъие хIажатабщинаб кьезе*)

ЭКИПИ́РОВАТЬСЯ *сов. и несов.* къваригIарабщинаб жо лъун къачIадизе, хIадурлъизе

ЭКИПИ́РО́ВКА *ж* 1) (*по гл.* **экипирова́ть**) къваригIарабщинаб кьун къачIай, хIадур гьаби 2. (*по гл.* **экипирова́ться**) къваригIарабщинаб жо лъун, къачIади, хIадурлъи 3. (*снаряжение*) къваригIунеб къайи-къоно; **~ поля́рников** полярниказул къайи-къоно

ЭКЛЕКТИ́ЗМ *м* эклектизм (*кьучIго гьечIого, механикияб къагIидаялъ батIи-батIияб бербалагьи цоцада бухьинаби*)

ЭКЛЕ́КТИК *м* эклектик (*эклектизмалъул рахъ ккурав чи*)

ЭКЛЕ́КТИКА *ж* эклектика (*батIи-батIиял бербалагьиял, пикраби ва теориял цоцада рухьинари*)

ЭКЛЕКТИ́ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое эклектикияб, эклектизмалъулаб; **~ая филосо́фия** эклектикияб философия

ЭКЛЕКТИ́ЧНОСТЬ *ж* жиндилъ эклектизм букIин (загьирлъи)

ЭКЛЕКТИ́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое жиндилъ эклектизм бугеб (загьирлъараб), механикияб къагIидаялда батIи-батIияб бербалагьи бухьинабулеб; **~ое рассужде́ние** жиндилъ эклектизм бугеб пикру

ЭКЛИ´ ПТИКА *ж астр.* эклиптика (*бакъалъ лъагIалица зодилаб шаралда сверун гьабулеб кIудияб гор*)

ЭКОЛОГИ´ ЧЕСКИЙ, -ая, -ое экологияб, экологиялъулаб

ЭКОЛО́ГИЯ *ж* экология (*рухIчIаголъабазул ва хурдузул сверухъ бугеб дунялалдехун ва цоцаздехун бугеб бухьеналъул яги гьоркьоблъиялъул бицунеб гIелму*)

ЭКОНО́М *ж уст.* 1) цIуна-къай бугев, магIишат гьабизе лъалев чи 2) завхоз 3) экономист

ЭКОНОМИ́ЗМ *м полит.* экономизм (*хIалтIухъаби гIицIго жидер экономикияб хIал лъикI гьабизе гурони къеркьезе кколарилан абураб 19 гIасруялда гIурусазул социал-демократазда гьоркьоб букIараб оппортунизмияб пикру*)

ЭКОНО́МИКА *ж* экономика (1 *обществоялъул магIишатияб гIуцIи, яшав*; 2 *магIишаталъул кинаб бугониги цо рахъ лъазабулеб гIелму;* 3. *халкъияб магIишат ва гьеб бугеб даража*)

ЭКОНОМИ´ СТ *м* экономист (*экономикиял гIелмабазул специалист, гIалимчи; экономикиял суалазул специалист*)

ЭКОНО́МИТЬ *несов.* 1) *что* цIуна-къан харж гьабизе; **~ де́ньги** гIарац цIуна-къан харж гьабизе 2) *на чем* тIокI гьабизе *(цIуна-къан харж гьабиядалъун);* **~ на материа́лы** материалал тIокI гьаризе *(цIуна-къаялдалъун)*

ЭКОНОМИ́ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое экономикияб, экономика гIуцIиялда, бачиналда бухьараб; магIишатияб; **~ий кри́зис** экономикияб кризис; **~ий райо́н** экономикияб район; **~ая геогра́фия** экономикияб география; **~ое разви́тие страны́** улка экономикияб рахъалъ цебетIей

ЭКОНОМИ́ЧНОСТЬ *ж* пайда буголъи, магIишатияб рахъалъ пайда буголъи, квегIенлъи

ЭКОНОМИ´ ЧНЫЙ, -ая, -ое кквел бугеб, пайдаяб, квегIенлъи бугеб, магIишатияб рахъалъ квегIенаб, тIокI гьабизе рес кьолеб

ЭКОНО́МИЯ *ж* экономия (1 *цIунун, цIодорго харж гьаби; букъа-къан гьаби, испап гьабичIого цIуна-къай*; 2 *цIунун, цIодорго харж гьабун, пайда щвей*) ◊ **полити́ ческая ~** политикияб экономия

ЭКОНО́МКА *ж уст. лъилниги* магIишат бачине тIад къарай гIадан

ЭКОНО́МНО *нареч.* цIуна-къан; **~ расхо́довать** цIуна-къан харж гьабизе

ЭКОНО́МНИЧАТЬ *несов. разг.* цIакъго цIуна-къан харж гьабизе

ЭКОНО́МНЫЙ, -ая, -ое 1) цIуна-къан гьабулеб; цебе чIолеб; **~ хозя́ин** цIуна-къан магIишат гьабулев бетIергьан (хозяин) 2) (*способствующий экономии*) цIуна-къаялъе квербакъи, кумек гьабулеб; **~ о́браз жи́зни** дагьа-макъаб харж гьабун гIумру тIамулеб къагIида

ЭКРА́Н *м* 1) экран (*жинда тIад кино яги суратал рихьизарулеб хъахIаб пардав* 2) экран; **~ телеви́зора** телевизоралъул экран 3) *перен.* экран, киноэкран; **рабо́тники ~а** экраналъул (киноя-лъул) хIалтIухъаби

ЭКРАНИЗА́ЦИЯ *ж* экранизация (*литературияб яги театралъул асаралъул кьучIалда кино бахъи*)

ЭКРАНИЗИ´ РОВАТЬ *сов. и несов. что* кино бахъизе *(кинабалиго асаралъул, мас: романалъул, операялъул, спектакялъул);* **~ рома́н** романалъул кино бахъизе

ЭКС *приставка* къватIибе абураб магIна кьолеб рагIул бутIа, *мас.*: **экспатриа́ция** экспатриация (*ватIаналдаса къва-тIиве гъей, гочинави, ин*)

ЭКС- *«цеве вукIарав, цее йикIарай» абураб магIна бугеб рагIул бутIа, мас.*: **экс-мини́стр** цеве министрлъун вукIарав чи; **экс-чемпио́н** цеве чемпионлъун вукIарав, вахъарав чи

ЭКСГУМА́ЦИЯ *ж* эксгумация (*судалъулгун медицинаялъулаб цIех-рехалъе жаназа хабалъа къватIибе бахъи*)

ЭКСКАВА́ТОР *м* экскаватор (*ракь бухъулеб ва гьеб добегьанибе балеб машина*)

ЭКСКАВА́ТОРН//ЫЙ, -ая, -ое экскаваторалъул; экскава-торалъ гьабулеб

ЭКСКАВА́ТОРЩИК *м* экскаваторщик (*экскаваторалда хIалтIулев чи*)

ЭКСКРЕМЕ́НТЫ *мн.* гьиз, рак

Э´ КСКУРС *м книжн.* экскурс (*аслияб гуреб суал баян гьабизе, бичIчIизабизе гIоло аслияб суалалдаса нахъекъай*)

ЭКСКУРСА́НТ *м* экскурсант (*экскурсиялда гIахьаллъи гьабулев чи, экскурсиялъ унев чи*)

ЭКСКУРСИО́ННЫЙ, -ая, -ое экскурсиялъул(аб); **~ое бюро́** экскурсиялъулаб (экскурсиял гьарулеб) бюро

ЭКСКУ´ РСИЯ *ж* 1) экскурсия (*цадахъ, къокъа гьабун, музеялде ва гь.ц. балагьизе ин*); **~ по го́роду** шагьаралде экскурсия 2) (*группа участников*) экскурсантал

ЭКСКУРСОВО́Д *м* экскурсиялъул бетIер, экскурсия бачунев чи

ЭКСЛИ́БРИС *м* экслибрис (*тIехьалъул бетIергьанасул тIад цIар ва инициалал хъвараб, цIакъ берцинго гьабураб мужалатазул жанисеб рахъалда седолеб дамгъа*)

ЭКСПАНСИ´ ВНОСТЬ *ж* хехго жиндирго рекIел хIал загьир гьаби

ЭКСПАНСИ́ВН//ЫЙ, -ая, -ое жиндирго рекIел хIал жаниб цIунулареб, хехго къватIибе загьир гьабулеб; **~ая нату́ра** жиндирго рекIел хIал жаниб цIунулареб, хехго гьеб къватIибе загьир гьабулеб хасият

ЭКСПАНСИОНИ́ЗМ *м* экспансионизм (*империалистазул экспансиялъулаб политика*)

ЭКСПАНСИОНИ́СТ *м* экспансионист (*экспансиялъул рахъ ккурав чи, агрессор*)

ЭКСПАНСИОНИ́СТСКИЙ, -ая, -ое экспансионизмаялъулаб

ЭКСПА́НСИЯ *ж* экспансия (1 *хIал-зулму гьабун, чияр рахъарал ракьазда экономикияб ва политикияб асар гIатIидго тIибитIизабулеб империалистазул агрессивияб политика*; 2 *цибниги жо гIатIид гьаби, тIибитIизаби*)

ЭКСПАТРИА́НТ *м* ватIаналдаса къватIиве гъурав, гочинавурав яги арав чи

ЭКСПАТРИА́ЦИЯ *ж* ватIаналдаса къватIиве гъей, гочинави, ин

ЭКСПАТРИИ́РОВАТЬ *сов. и несов.* ватIаналдаса къватIиве гъезе (гочинавизе)

ЭКСПАТРИИ́РОВАТЬСЯ *сов. и несов.* ватIан тун къва-тIиве ине (гочине)

ЭКСПЕДИ́РОВАТЬ *сов. и несов.* бихьизабураб бакIалде къайи (кагътал, газетал) ритIизе

ЭКСПЕДИ́ТОР *м* экспедитор (1 *къайи-къоно добе-гьанибе битIулев чи*; 2 *некIо Россиялда цо-цо учрежденияльул чиновник яги отделениялъул начальник*)

ЭКСПЕДИ́ТОРСК//ИЙ, -ая, -ое экспедиторасул(аб); **~ая до́лжность** экспедиторасул хъулухъ

ЭКСПЕДИЦИО́ННЫЙ, -ая, -ое экспедициялъул(аб); **~ отря́д** экспедициялъулаб отряд (къукъа)

ЭКСПЕДИ́ЦИ//Я *ж* 1) къайи битIи яги тIаде къабул гьаби; **~я гру́зов** къайи-къоно битIи 2) *щибниги жо* добе-гьанибе битIулеб идара, учреждение; **газе́тная ~я** газетал доре-гьанире ритIулеб идара (отдел) 3) экспедиция, *кинаб бугониги мурадгун* сапаралде бахъараб къокъа; **нау́чная ~я** гIелмияб экспедиция; **вое́нная ~я** рагъулаб экспедиция 4) экспедиция, *гьединаб мурадалда* сапаралде ин; **член ~и** экспедициялъул член, экспедициялда гIахьаллъулев чи

ЭКСПЕРИМЕ́НТ *м* гIелмияб хIалбихьи (эксперимент); **сме́лый ~** хIинкъичIого, бер къачIого гьабулеб хIалбихьи (эксперимент)

ЭКСПЕРИМЕНТА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое хIалбихьиялъул(аб) (эксперименталъул(аб); хIалбихьиялъе (эксперименталъе бугеб); **~ая мастерска́я** хIалбихьиял гьарулеб мастерская

ЭКСПЕРИМЕНТА́ТОР *м* хIалбихьи (эксперимент) гьабулев чи

ЭКСПЕРИМЕНТИ´ РОВАТЬ *несов. над или с кем-чем и без доп.* хIалбихьи (эксперимент) гьабизе

ЭКСПЕ́РТ *м* эксперт (*сундулниги хIал цIехезе ахIулев специалист*); **суде́бный ~** судалъул эксперт

ЭКСПЕРТИ́ ЗА *ж* экспертиза (*кинаб бугониги масъалаялъухъ экспертал ралагьи ва гьелъие ахирияб хIасил гьаби*); **медици́нская ~** медицинналъулаб экспертиза; **суде́бная ~** судалъулаб экспертиза

Э́ КСПЕ́РТН//ЫЙ, -ая, -ое экспертазул, экспертазулаб, экспертияб; **~ая коми́ ссия** экспертазулаб (экспертияб) комиссия

ЭКСПЛУАТА́ТОР *м* чияр гъийин кваналев чи, помещик, капиталист

ЭКСПЛУАТА́ТОРСК//ИЙ, -ая, -ое эксплуататоразулаб, эксплуататорасулаб; **ликвида́ция ~их кла́ссов** эксплуататоразулал классал тIагIинари (лъугIизари)

ЭКСПЛУАТАЦИО́ННИК *м разг.* эксплуатационник (*тIабигIиял бечелъаби, хайир кьолебщинаб жо - маххул нух, рукъзал, машинаби ва гь.ц. халатаб заманалъ хIалтIизе тIамун пайда босулев чи*)

ЭКСПЛУАТАЦИО́ННЫЙ, -ая, -ое *щибниги жо* хIалтIизабиялда хурхараб; **~ые расхо́ды** хIалтIизаризе гIоло гьарулал харжал

ЭКСПЛУАТА́ЦИ//Я *ж* 1) чияр гъийин, захIмат кванай; **~я челове́ка челове́ком** инсанас инсанасул захIмат кванай 2) тIабигIиял бечелъаби хIалтIизе тIами, гьездасан пайда боси; **~я си́лы ве́тра** гьорол гучалдасан пайда боси; **сдать в ~ю** хIалтIизе биччазе; **сдать заво́д в ~ю** завод хIалтIизе биччазе

ЭКСПЛУАТИ́РОВАТЬ *несов.* 1) *кого-что* эксплуатация гьабизе, чияр захIмат кваназе 2) (*использовать*) пайда босизе, хIалтIизе тIамизе, хIалтIизе тIамун пайда босизе; **~ маши́ну** машина хIалтIизе тIамизе (хIалтIизабун пайда босизе)

ЭКСПЛУАТИ́РОВАТЬСЯ *несов.* жиндир гъийиналдасан лъица *бугониги* пайда босулевлъун вукIине

ЭКСПЛУАТИ́РУЕМЫЙ, -ая, -ое жиндир захIмат чияца кваналев (чи), жиндие эксплуатация гьабулев (чи)

ЭКСПОЗИЦИО́ННЫЙ, -ая, -ое литературияб яги музыкалияб асаралъул сюжеталъул байбихьулаб бутIалъун кколеб; экспозициялъе бугеб

ЭКСПОЗИ́ ЦИЯ *ж* 1) *лит, муз.* экспозиция (*литературияб яги музыкалияб асаралъул байбихьул бутIа*) 2) (*расположение*) экспозиция (*рихьизаризе гIоло рекъезарун лъураб куц, тартиб, низам*); **уда́чная ~ вы́ставки** выставкаялъул лъикI ккараб экспозиция 3) фото экспозиция (*сурат бахъулаго фотоаппаратalъул объектив рагьухъе букIунеб лахIзат, заман*)

ЭКСПОНА́Т *м* экспонат (*музеялда, выставкаялда бихьизе лъураб предмет*); **музе́йный ~** музеялъул экспонат

ЭКСПОНЕ́НТ *м* экспонент (*экспонаталъул бетIергьан; экспонатал рихьизаризе лъолев ва гьел рекъезарун сокIкIунев чи*)

ЭКСПОНИ́ РОВАТЬ *сов. и несов.* 1) *кого-что* рихьизе лъезе; **~ карти́ны** суратал рихьизе лъезе 2) *что фото* канлъи кьезе (речIчIизабизе) 3) *перен.* цебе рехун бихьизелъун аскIобегIан цIазе

ЭКСПОНО́МЕТР *м фото* экспонометр (*сурат бахъулаго, канлъул къадар бихьизабулеб алат*)

Э́КСПОРТ *м* экспорт (*улкаялдаса къватIибе баччи, къватIибе къайи битIи*)

ЭКСПОРТЁР *м* экспортер (*къватIибе (цоги улкаялде) къайи битIулев чи яги идара*)

ЭКСПОРТИ́РОВАНИЕ *с* (*по гл.* **экспорти́ровать**) экспорт гьаби, къватIибе къайи битIи

ЭКСПОРТИ́РОВАТЬ *сов. и несов. что* экспорт гьабизе, къватIибе къайи битIизе

Э́ КСПОРТН//ЫЙ, -ая, -ое экспорталъул, экспорталъе бугеб, къватибе къайи битIулеб; **~ това́р** экспорталъе бугеб къайи

ЭКСПРЕ́СС *м* экспресс (*хехго унеб ва чIахIиял станциязда гурони чIоларе гама, поезд, автобус*)

ЭКСПРЕССИ́ ВН//ЫЙ, -ая, -ое лъикI асар гьабулеб, бичIчIулеб, баянаб; **~ая речь** лъикI асар гьабулеб (баянаб) кIалъай

ЭКСПРЕССИОНИ́ ЗМ *м* экспрессионизм (*20 абилеб къарнуялъул тIоцебесеб бащалъиялда бакъатIерхьул Европаялда экспрессиялъул къучалда гIуцIун букIараб мазгьаб, нух*)

ЭКСПРЕССИОНИ́ СТ *м* экспрессионист (*экспрессионизмаялъул рахъ ккурав чи, художник*)

ЭКСПРЕССИОНИСТИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое экспрессионизмаялъул(аб), экспрессионистасул (аб)

ЭКСПРЕССИОНИ́СТСКИЙ, -ая, -ое экспрессионизма-лъул(аб); экспрессионистасул(аб)

ЭКСПРЕ́ССИЯ *ж* экспрессия (*бичIчIи, лъай, рекIел асар, баянлъи загьир гьаби*)

ЭКСПРО́МТ *м* экспромт (*цебеккун хIадурлъи гьабичIого, бачIинахъего гьабураб пасихIаб калам, кечI, музыкалияб асар*)

ЭКСПРО́МТОМ *нареч.* хIадурлъи гьечIого, бачIинахъего

ЭКСПРОПРИА́ТОР *м* экспроприатор (*экспроприация гьабулев чи, экспроприациялда гьоркьоб гIахьаллъи гьабулев чи*)

ЭКСПРОПРИА́ТОРСКИЙ, -ая, -ое экспроприациялъул(аб), экспроприацияб

ЭКСПРОПРИА́ЦИЯ *ж* 1) *юр.* экспроприация (*хIалица бахъи, хIалалъ кквей, кодоса бахъи*) 2) кодоб ярагьгун пачалихъалъул гIарац, банкал ва цогидалги революциялъул хIажатазе рахъи 3) *эк.* производствоялъул средствабаздаса (алатаздаса) махIрум гьари

ЭКСПРОПРИИ́ РОВАТЬ *сов. и несов. кого-что* экспроприация гьабизе, кодоса бахъизе, махIрум гьаризе

ЭКСТА́З *м* экстаз (*шавкъалъул, ракI гьалагIъиялъул бищун тIадегIанаб даража*)

ЭКСТЕНСИ́ВНОСТЬ *ж* экстенсивность, лъикIлъи (качество) борхизабичIого къадар цIикIкIинаби

ЭКСТЕНСИ́ ВН//ЫЙ, -ая, -ое экстенсивияб (качествоялде гуреб) къадар кIодо, гIатIид гьабиялде буссараб; **~ое земледе́лие** къадар цIикIкIинабиялда бухьараб ракь хIалтIизаби

ЭКСТЕ́РН *м* экстерн (*цIализе хьвадичIого живго хIадурлъун экзаменал кьолев чи)*

ЭКСТЕРНА́Т *м* экстернат (*экстерназе цIализе хьвади-чIого экзаменал кьезе чIезабураб къагIида, низам)*

ЭКСТЕРРИТОРИА́ЛЬНОСТЬ *ж юр.* экстерриториаллъи (*цо пачалихъалъ жиндирго ракьалда ругел батIияб пачалихъалъул гIадамазе, дипломатиял вакилзабазе законияб куцалда хасал ихтиярал кьей*)

ЭКСТЕРРИТОРИА́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое *юр*. экстерриториаллъиялдасан пайда босулеб

ЭКСТЕРЬЕ́Р *м* экстерьер (*къватIисеб рахъ, сурат*); **~ до́ма** рукъалъул къватIисеб сурат, къватIисан бихьулеб куц

Э́ КСТРА *прил. неизм.* бищун тIадегIанаб; бищун лъикIаб

ЭКСТРАВАГА́НТНОСТЬ *ж* цIакъго гIадаталдаса бахъи (гIажаибаб букIин)

ЭКСТРАВАГА́НТНЫЙ, -ая, -ое билълъараб гIадаталда релълъинчIеб, цIакъго гIажаибаб, гIадатаб гуреб, гIадаталдаса бахъараб; **~ костю́ м** гIадатаб гуреб, цIакъго батIияб костюм

ЭКСТРА́КТ *м* экстракт (1 *химикияб къагIидаялъ организмаялдаса батIа гьабун (цIцIун), бахъараб жо;* 2 *кинаб бугониги документалъул яги асаралъул къокъ гьабун хIасил бицин, аби; 3 бакъвазе гьабураб пихъил лъим (сок)*

ЭКСТРАОРДИНА́РНЫЙ, -ая, -ое гIадаталдаса бахъараб, тамашаяб; **~ слу́чай** гIадаталдаса бахъараб лъугьа-бахъин

ЭКСТРЕМИ́ЗМ *м* экстремизм (*политикаялда гIорхъолъа рорчIарал пикрабазул ва тадбиразул рахъ кквей*)

ЭКСТРЕМИ́СТ *м* экстремист (*экстремизмаялъул рахъ ккурав чи*)

ЭКСТРЕМИ́СТСКИЙ, -ая, -ое экстремизмалъулаб

Э́ КСТРЕННО *нареч.* хъата-масан, цIакъ хехго

Э́ КСТРЕННОСТЬ *ж* цIакъ хIалакин, гIедегIи, хехлъи

Э́ КСТРЕНН//ЫЙ, -ая, -ое 1) гIедегIараб, хехаб; **~ая по́мощь** хехаб кумек 2) ракIалда букIинчIого ккараб, ракIалда букIинчIеб, хехаб; **~ые расхо́ды** ракIалда рукIинчIел харжал

ЭКСЦЕ́НТРИК *м* эксцентрик (*циркалда яги эстрадаялда махсарагун цадахъ гьунарал гьарулев артист*)

ЭКСЦЕНТРИ́ЧЕСКИЙ[1]**,** -ая, -ое (*своеобразный*) эксцен-трикияб, гIадаталдаса бахъараб, цIакъ гIажаибаб, цIакъго батIияб; **~ костю́ м** цIакъго батIияб костюм

ЭКСЦЕНТРИ́ЧЕСК//ИЙ[2]**,** -ая -ое *мат.* гIаммаб центр гьечIеб, цогидалъулгун цадахъаб, цого центр гьечIеб

ЭКСЦЕНТРИ́ЧНОСТЬ *ж* гIадаталдаса бахъи, гIажаиблъи, тамашалъи

ЭКСЦЕНТРИ́ ЧНЫЙ, -ая, -ое *см.* **эксцентри́ческий**[1]

ЭКСЦЕ́СС *м* 1) (*невоздержанность*) сабру гьечIолъи, нахъе ккун жо тунгутIи, гIурхъи лъангутIи 2) (*нарушение порядка*) гIадлу-низам хвезаби, низам биххизаби

ЭЛА́СТИК *м* эластик (*эластикалъул кун ва гьелъул гьабураб къайи*)

ЭЛАСТИ́ЧНОСТЬ *ж* 1) (*упругость, гибкость*) цIан бачIин, гьетIун бачIин, бутIмахIлъи, хьетIун бачIунеб букIин; **~ рези́ны** резинадул цIан бачIин 2) *перен.* цокIаллъи, бигьалъи; **~ движе́ний** рагъа-рачариялъул цокIаллъи (бигьалъи)

ЭЛАСТИ́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое 1) цIан бачIунеб, гьетIун (хьетIун) бачIунеб, бутIмахIаб; **~ые чулки́** цIан рачIунел щватаби 2) *перен.* цокIалаб, тIадагьаб; кинал ругониги шартIазда, гьезул асаразда гьоркь хисулеб

ЭЛЕВА́ТОР *м* элеватор (1 *тIорщел бакъвазабулеб, бацIцIад гьабулеб ва добе-гьанибе баччизе хIадур гьабулеб кIудияб мина;* 2 *юк тIаде борхулеб механизм, транспортер*)

ЭЛЕГА́НТНО *нареч.* узданго, чIурканго, назукго

ЭЛЕГА́НТНОСТЬ *ж* узданлъи, чIурканлъи, назуклъи, исбагьилъи; **~ туале́та** ратIлил чIурканлъи

ЭЛЕГА́НТН//ЫЙ, -ая, -ое узданаб, чIурканаб, назукаб, исбагьияб; **~ое пла́тье** узданаб гурде

ЭЛЕГИ́ ЧЕСКИЙ, -ая, -ое 1) элегияб, элегиялъун жанр кколеб 2) *перен.* пашманаб, ракI бекараб, къваридаб

ЭЛЕГИ́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое пашманаб, ракI бекараб, къваридаб; хиялияб; **~ое настрое́ние** пашманаб (ракI бекараб) рекIел хIал

ЭЛЕ́ГИЯ *ж лит.* элегия (*пашманаб лирикияб кечI)*

ЭЛЕКТРИЗА́ЦИЯ *ж* 1. *физ. сунцаниги* электрикалъул ток (заряд) боси 2. *мед.* токалдалъун дару гьаби

ЭЛЕКТРИЗОВА́ТЬ *сов. и несов.* 1) *что физ.* электрикалъул ток босизабизе, бугеблъун лъугьинабизе 2) *кого-что ед.* электрикалъул токалдалъун дару гьабизе 3) *перен. кого-что* багъа-бачаризабизе,хIалуцинабизе, гьира ккезабизе

ЭЛЕКТРИЗОВА́ТЬСЯ *сов. и несов. физ.* электрикалъул заряд бугеблъун лъугьине, электрикалъул заряд босизе

ЭЛЕ́КТРИК *м* электрик (1 *электротехникаялъул, электричествоялъул специалист;* 2 *электротехник, электромонтёр*)

ЭЛЕКТРИ́К *прил. неизм. (о цвете*) цIахIилаб гугьар бугеб хъахIилаб кьер; **пла́тье –** ~ цIахIилаб гугьар бугеб хъахIилаб кьералъул гурде

ЭЛЕКТРИФИКА́ТОР *м* электрификатор, электрификация гьабулев чи

ЭЛЕКТРИФИКА́ЦИЯ *ж* электрификация, электрото-калдалъун хьезаби; **~ страны́** улка электротокалдалъун хьезаби; **~ желе́зных доро́г** маххул нухал электротокалъ хIалтIизариялде рачин

ЭЛЕКТРИФИЦИ́РОВАННЫЙ, -ая, -ое электроэнергиялъ (токалъ) хIалтIизабулеб, токалдалдалъун хьезабураб

ЭЛЕКТРИФИЦИ́ РОВАТЬ *сов. и несов. что* электроэнергиялъ (токалъ) хIалтIизабизе, токалдалъун хьезабизе; **~ промы́шленность** промышленность токалъ хIалтIизабизе, токалдалъун хьезабизе

ЭЛЕКТРИФИЦИ́РОВАТЬСЯ *сов. и несов.* токалдалъун хьараблъун лъугьине

ЭЛЕКТРИ́ ЧЕСКИЙ, -ая, -ое *в разн. знач.* электрикияб, электрикалъул(аб); **~ ток** электрикияб (электрикалъул) ток; **~ свет** электрикияб канлъи; **~ мото́р** электрикалъул мотор, электрикияб токалъ хIалтIизабулеб мотор

ЭЛЕКТРИ́ ЧЕСТВ//О *с в разн. знач.* электричество, электрикалъул ток; **учéние об ~е** электричествоялъул хIакъалъулъ гIелму; **провести́ ~о** электрикалъул канлъи (ток) бачине; **зажéчь ~о** электрикалъул ток бухIизе

ЭЛЕКТРИ́ЧКА *ж разг.* электричка (*электрикалъул токалъ бачунеб поезд, электрикалъ хIалтIулеб поезд*)

ЭЛЕ́КТРО- "электрикияб, электрикалъул(аб)" абураб магIна бугел журарал ргIабазул тIоцебесеб бутIа, *мас.*: **электроплу́г** электрикалъул кутан (электрикалъ хIалтIизабулеб кутан)

ЭЛЕКТРОАППАРАТУ́ РА *ж собир.* электроаппаратура (*электрикалъул аппаратура*)

ЭЛЕКТРОБУ́ Р *м* электробур (*магIдан бахъулеб бакIалда ракьулъ картIал рахъизе токалъ хIалтIизабулеб машина)*

ЭЛЕКТРОБУРЕ́НИЕ *с* электрикияб токалъ рорлъари

ЭЛЕКТРОВО́З *м* электровоз (*электрикалъул токалъ хIалтIизабулеб локомотив, поезд*)

ЭЛЕКТРОВО́ЗНЫЙ, -ая, -ое электровозалъул(аб)

ЭЛЕКТРОВОЗОСТРОЕ́НИЕ *с* электровозал гьари

ЭЛЕКТРОВОЗОСТРОИ́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое электровозал гьарулеб

ЭЛЕКТРО́Д *м физ.* электрод (*лъамалъиялде яги газалде электрикалъул ток биччалеб алат; маххъотIулелъул, регъолелъул хIалтIизабулеб электрод, металлалъул хасаб чIор*)

ЭЛЕКТРОДВИ́ЖУЩ//ИЙ, -ая, -ее: *физ.* **~ая си́ ла** электрикияб ток добе-гьанибе хьвадизабулеб (инабулеб) ва цо хIалалда чIезабулеб къуват; электрикалъул ток

ЭЛЕКТРОДВИ́ГАТЕЛЬ *м* электродвигатель (*электрика-лъул гучалдалъун хIалтIулеб машина*)

ЭЛЕКТРОДИНА́МИКА *ж физ.* электродинамика (*электрикалъул токалъул (зарядазул) хасиятазул бицунеб физикаялъул бутIа*)

ЭЛЕКТРОДИНАМИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое *физ.* электродинамикияб, электродинамикаялъул(аб), электродинамикаялда бухьараб

ЭЛЕКТРО́ДНЫЙ, -ая, -ое: **~ заво́д** электродал гьарулеб (электродазул) завод

ЭЛЕКТРОДОЕ́НИЕ *с* токалъ хIалтIизабулеб аппараталъ гIачи речIчIи

ЭЛЕКТРОДОИ́ЛКА *ж* гIачи речIчIулеб токалъ хIалтIизабулеб (токъалъул) аппарат

ЭЛЕКТРОДОИ́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое электрикияб токалъ хIалтIизабун гIачи речIчIулеб; **~ аппара́т** электрикияб токалъ хIалтIизабулеб гIачи речIчIулеб аппарат

ЭЛЕКТРОДРЕ́ЛЬ *ж* электродрель (*электрикияб токалъ хIалтIизабулеб рочохен*)

ЭЛЕКТРОЗАКА́ЛКА *ж* электрикияб токалъ магIдан лъадари

ЭЛЕКТРОИЗМЕРИ́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое электрикияб токалъул (напряжение, сопротивление) къуват борцунеб

ЭЛЕКТРОИЗОЛЯЦИО́ННЫЙ, -ая, -ое изоляция гьабулеб, изоляциялъе х1алт1изабулеб

ЭЛЕКТРОИНСТРУМЕ́НТ *м* электроинструмент (*электрикияб токалъ хIалтIизабулеб алат – хъухъадиро, рочохен ва гь.ц.*)

ЭЛЕКТРОКА́Р *м* электрокар (*къайи баччизе вокзалазда, заводазда электрикияб токалъ хIалтIизабулеб гьоко*)

ЭЛЕКТРОКАРДИОГРА́ММА *ж* электрокардиограмма (*хасаб электрикияб алаталъ, рекIел кьаби бихьизабун, бахъараб графикияб сурат*)

ЭЛЕКТРОКАРДИО́ГРАФ *м* электрокардиограф (*электрокардиограмма бахъулеб алат*)

ЭЛЕКТРОКАРДИОГРА́ФИЯ *ж* электрокардиография (*рекIел ччобориялъул хIалтIи лъазабулеб къагIида*)

ЭЛЕКТРОЛА́МПОВЫЙ, -ая, -ое электрикиял чирахъал гьарулеб

ЭЛЕКТРОЛЕЧЕ́БНИЦА *ж* электрикияб токалъ дару гьабулеб больница

ЭЛЕКТРОЛЕЧЕ́БНЫЙ, -ая, -ое электрикияб токалъ дару (сах) гьабулеб

ЭЛЕКТРОЛЕЧЕ́НИЕ *с* электрикияб токалъ дару (сах) гьаби

ЭЛЕКТРО́ЛИЗ *м хим.* электролиз (*электрикалъул ток гьоркьосан биччаялдалъун вещество жиндирго бутIабазде биххи*)

ЭЛЕКТРО́ЛИЗН//ЫЙ, -ая, -ое электролизалъе бугеб; **~ая ва́нна** электролизалъе бугеб, электролизалъул ванна

ЭЛЕКТРОЛИ́ ТНИЯ *ж* электрикалъул ток бачараб мухъ

ЭЛЕКТРОЛИ́Т *м хим.* электролит (*жинда гъорлъан электрикалъул ток ионазул церехун иналъул хIасилалда кколеб химикияб вещество*)

ЭЛЕКТРОЛИТИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое электролизалда бухьараб (хурхараб), электролизалъул кумекалдалъун (электролизалдалъун) щолеб, лъугьунеб

ЭЛЕКТРОЛИ́ ТНЫЙ, -ая, -ое электролит гьабулеб, электролиталъул(аб); **~ заво́д** электролиталъул (электролитал гьарулеб) завод

ЭЛЕКТРОЛО́В *м* промышленнияб къагIидаялъ электрикалъул ток хIалтIизабун ччугIа кквей

ЭЛЕКТРОМАГИСТРА́ЛЬ *ж* электрикалъул ток хIалтIизабизе гьабураб магистраль (нух)

ЭЛЕКТРОМАГНЕТИ́ЗМ *м физ.* электромагнетизм (*электрикалъул токалъ лъугьинабулеб макънатIисияб хIал*)

ЭЛЕКТРОМАГНИ́Т *м* электромагнит (*изоляция бугеб пахъул кун тIад жемараб ва гьеб куналдасан электрикияб ток биччаялдалъун макънатIисалъулаб хасият лъугьунеб маххул яги чармил кесек*)

ЭЛЕКТРОМАГНИ́ТНЫЙ, -ая, -ое электромагниталъул(аб); электромагниталъ хIалтIизабулеб

ЭЛЕКТРОМАШИ́НА *ж* электромашина (*электрикалъул токалъ хIалтIизабулеб машина*)

ЭЛЕКТРОМАШИНОСТРОЕ́НИЕ *с* электромашинаби гьари

ЭЛЕКТРОМАШИНОСТРОИ́ТЕЛЬНЫЙ, -ая, -ое электромашинаби гьарулеб

ЭЛЕКТРОМЕХА́НИК *м* электромеханик (*электромеханикаялъул специалист*)

ЭЛЕКТРОМЕХА́НИКА *ж* электромеханика

ЭЛЕКТРОМЕХАНИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое электромеханикияб, электоомеханикаялъул(аб)

ЭЛЕКТРОМОНТА́Ж *м тех.* электромонтаж (*электроприборал рекъезари, лъей*)

ЭЛЕКТРОМОНТЁР *м* электромонтер (*электрикияб токалъул иш лъалев, электрикалъул оборудование дандбазе, лъезе, къачIазе лъалев хIалтIухъан*)

ЭЛЕКТРОМОТО́Р *м* электромотор (электрикалъул мотор, токалъул мотор)

ЭЛЕКТРО́Н *м физ.* электрон (1 *сундулниги (веществоялъул) бищунго гьитIинаб зарра (атомалъул бутIа*); 2 *алюминийги, магнийги, литийги, цинкги цадахъ ришнарун лъугьунеб тIадагьаб щулияб металл*)

ЭЛЕКТРОПЕРЕДА́ЧА *ж* электропередача (1 *цощинаб манзилалъ кваразасан электрикалъул ток кьей*; 2 *гьеб ток кьолеб тIагIел, гIуцIи*)

ЭЛЕКТРОПЕ́ЧЬ *ж* токалъул печь, токалдалъун хIалтIулеб печь

ЭЛЕКТРОПИЛА́ *ж* токалъ хIалтIизабулеб хъухъадиро, токалъул хъухъадиро

ЭЛЕКТРОПИТА́НИЕ *с* хIалтIизабизе гIоло *сундуениги* электрикалъул ток (энергия) кьей

ЭЛЕКТРОПЛА́ВКА *ж* электрикалъул токалдалъун биинаби

ЭЛЕКТРОПЛИТА́ *ж* электроплитка, токалъул печь

ЭЛЕКТРОПО́ЕЗД *м* электропоезд (*электрикалъул гучалдалъун хIалтIулеб, хьвадулеб поезд*)

ЭЛЕКТРОПРИБО́Р *м* токалъ хIалтIизабулеб алат (тIагIел)

ЭЛЕКТРОПРО́ВОД *м* токалъул квар

ЭЛЕКТРОПРОВО́ДКА *ж* токалъул кварал цIай

ЭЛЕКТРОПРОВОДИ́МОСТЬ *ж* ток гьорлъан биччай

ЭЛЕКТРОПРОВО́ДНЫЙ, -ая, -ое ток гьорлъан биччалеб

ЭЛЕКТРОПРОИ́ГРЫВАТЕЛЬ *м* электропроигрыватель (*электрикалъул токалъ палстинка сверизабун музыка бачунеб аппарат)*

ЭЛЕКТРОПРОМЫ́ШЛЕННОСТЬ *ж* электропромышленность

ЭЛЕКТРОРЕ́ЗКА *ж* элекатрикалъул токалъ металл къотIи

ЭЛЕКТРОСВА́РКА *ж* электрикалъул токалъ металл регъей

ЭЛЕКТРОСВА́РОЧНЫЙ, -ая, -ое электрикалъул токалъ регъолеб

ЭЛЕКТРОСВА́РЩИК *м* электросварщик (*электрикалъул токалдалъун регъезе лъалев чи*)

ЭЛЕКТРОСВЕРЛО́ *с* токалъул рочохен

ЭЛЕКТРОСЕ́ТЬ *ж* электросеть (*электростанциялдасан байбихъун пайда босулеб бакIалде щвезегIан ток кьолеб, бачунеб гIуцIи*)

ЭЛЕКТРОСИЛОВО́Й, -ая, -ое токалъ хIалтIизабулеб

ЭЛЕКТРОСИСТЕ́МА *ж* элекстросистема

ЭЛЕКТРОСКО́П *м* электроскоп (*электрикалъул зарядал тIатинарулеб ва борцунеб алат*)

ЭЛЕКТРОСТА́ЛЬ *ж* электрикалъул печалда жаниб биараб тIадегIанаб сорталъул чаран

ЭЛЕКТРОСТА́НЦИЯ *ж* электростанция

ЭЛЕКТРОТЕРАПИ́Я *ж* электротерапия (*электрикалъул токалъ дару гьаби*)

ЭЛЕКТРОТЕ́ХНИК *м* электротехникаялъул специалист

ЭЛЕКТРОТЕ́ХНИКА *ж* электротехника (*электрикалъул гуч практикияб куцалда хIалтIизабиялъул бицунеб гIелму*)

ЭЛЕКТРОТЕХНИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое электротехникияб, электротехникаялъул(аб)

ЭЛЕКТРОТРА́КТОР *м* электротрактор (*токалъ хIалтIизабулеб трактор*)

ЭЛЕКТРОФО́Р *м физ.* электрофор (*лъулъаялдалъун электрикиял зарядал рахъулеб алат*)

ЭЛЕКТРОХИ́МИЯ *ж хим., физ.* электрохимия (*химикиял ва физикиял процессазул бухьеназул бицунеб физикияб химиялъул бутIа*)

ЭЛЕКТРОЭНЕ́РГИЯ *ж физ.* электрикаялъул энергия (гуч)

ЭЛЕМЕ́НТ *м* 1) элемент (*щибниги жоялъул бутIа*); **~ы констру́кции** конструкциялъул элементал; **разложи́ть** *что-л.* **на ~ы** щибниги жо элементазде биххизе 2) *хим.* химикияб элемент (*тIокIаб гIадатаб бутIаялде химиялъулал методаз бикьизе рес гьечIеб жо*) 3) *физ.* элемент (*электрикияб ток кьолеб жо*); **гальвани́ческий** ~ гальваникияб элемент 4) *разг.* гIадан, инсан; **прогресси́вные ~ы о́бщества** обществоялъул цере тIурал гIадамал; **подозри́тельный** ~ щакав инсан (чи) 5) *мн.* **~ы** (*начала*): гIелмуялъул ва гь.ц. аслу; **~ы матема́тики** математикаялъул аслу (аслаби) 6): **~ы драмати́зма в расска́зе** хабаралда драматизмалъул цо-цо рахъал

ЭЛЕМЕНТА́РН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*начальный*) байхьулаб; **~ая матема́тика** байбихьулаб математика 2) *перен. (простейший*) бищун гIадатаб, лъидаго бичIчIулеб, бигьаяб; **~ый спо́соб реше́ния зада́чи** масъала гьабулеб бищун бигьаяб къагIида; **~ые пра́вила орфогра́фии** орфографиялъул бищун бигьаял (гIадатиял) къагIидаби (правилаби) 3) *перен. (самый необходимый)* бищун къваригIуneб, аслияб; **~ые усло́вия** бищун къваригIунел шартIал 4) *хим.:* **~ый ана́лиз** элементарияб анализ 5) *физ.*: **~ые части́цы** элементариял зарраби, бищун гIисинал зарраби

ЭЛИКСИ́Р *м* эликсир (1 *медицинаялда ва косметикаялда хIалтIизабулеб гъорлъ спирт бугеб хасаб настойкаялъулаб дару*; 2 *маулхIаят*) ◊ **жи́зненный ~, ~ жи́зни** гIумруялъул эликсир (*гьоркьохъел гIасрабазда мистиказ гIадамасул гIолохъанлъи цIунулеб жо гIадин хIалтIизабулеб букIараб лъим*)

ЭЛИ́ТА *ж* 1) *с.-х.* элита (*гIезаризе, цIигьаризе хIалтIизарулел бищун лъикIал хурдул, хьонал яги хIайванал*) 2) элита (*кинаб бугониги обществоялъул бищун лъикIал, тIадегIанал вакилзаби*)

ЭЛИ́ТН//ЫЙ, -ая, -ое *с.х.* элитаялъулаб, бищун лъикIаб, тIадегIанаб; **~ые семена́** бищун лъикIал хьонал

Э́ЛЛИНГ *м* эллинг (1 *гуми гьарулеб ва къачIалеб ралъдал рагIалда бараб хасаб рукъ*; 2 *дирижаблал, аэростатал гьарулеб ва гьел къачIалеб хасаб рукъ;* 3 *спортивиял гумузе ва къайи-къоно лъезе гьабураб хасаб рукъ)*

ЭЛЛИНИ́ЗМ *м* эллинизм (1 *греказулгин востокалъул жуба-гьубараб культура цебе тIолеб букIараб заман*; 2 *некIсияб грек мацIалдасан бачIараб рагIи яги каламалъул сверел*)

Э́ЛЛИННЫ *мн.* (*ед.* **~ин** *м*) 1) греказ жидедего абулеб цIар 2) некIсиял грекал

Э́ЛЛИПС *м* эллипс (1 *мат. ханил формаялда релъъараб хIучч*; 2 *лингв. каламалда гьечIониги, жиб бичIчIулеб рагIи яги предложениялъул член гьоркьоб биччай*)

Э́ЛЛИПСИС *м* эллипсис *см.* **э́ллипс**

ЭЛЛИПСО́ИД *м мат.* эллипсоид (*жиндир цояб хIосалда тIад эллипс сверизабигун лъугьунеб фигураялъул тIасияб рахъ*)

ЭЛЛИПТИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое эллипсалда релъъараб, эллипслъун кколеб

ЭМА́ЛЕВЫЙ, -ая, -ое эмалалъул гьабураб; эмалалъ къачIараб, бацараб, берцин гьабураб

ЭМАЛИРО́ВАНН//ЫЙ, -ая, -ое тIаде эмаль (чини) биччараб; **~ая посу́да** тIаде эмаль (чини) биччараб цIарагI

ЭМАЛИРОВА́ТЬ *несов. что* эмаль тIаде биччазе

ЭМАЛИРО́ВКА *ж* 1) (*по гл.* **эмалирова́ть**) эмаль (чини) биччай 2) эмаль биччараб бакI; **~ потре́скалась** чини биччараб бакI кьватI-кьватIана

ЭМА́Л//Ь *ж* 1) эмаль, чини; **покры́ть ~ью** чини биччазе 2) *анат.* эмаль (*цабзазул къвакIараб хъал*)

ЭМАНСИПА́ЦИЯ *ж* тархъанлъи; эркен гьаби, ихтияр кьей, хвасар гьави; **~ же́нщин** руччабазе эркенлъи кьей

ЭМАНСИПИ́РОВАТЬ *сов. и несов. кого-что книжн.* тархъанлъизабизе, эркен гьабизе, ихтияр кьезе, хвасар гьабизе

ЭМАНСИПИ́РОВАТЬСЯ *сов. и несов. книжн.* тархъанлъизе, эркенлъи щвезе, хвасарлъизе

ЭМБА́РГО *с нескл.* эмбарго (*пачалихъалдаса къватIибе ва къватIиса жанибе месед, къайи бачIине, ине гьукъи яги цоги пачалихъалъул гуми, ярагъ, къайи кквей*); **наложи́ть ~** эмбарго гьабизе (лъезе)

ЭМБЛЕ́МА *ж* эмблема (*гIаламат, гIуж, дамгъа*); **серп и мо́лот – ~ сою́за рабо́чих и крестья́н** нилъги квартIаги буго хIалтIухъабазулги рекьарухъабазулги цолъиялъул гIаламат

ЭМБРИО́ЛОГ *м* эмбриолог (*эмбриологиялъул специалист*)

ЭМБРИОЛО́ГИЯ *ж* эмбриология (*инсанасул ва хIайваназул хьонтIи лъугьунеб, кIодолъулеб куцалъул бицунеб гIелму)*

ЭМБРИО́Н *м* эмбрион (*инсанасул ва хIайваназул хьонтIи*)

ЭМБРИОНА́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое эмбрионияб; **~ пери́од** эмбрионияб (*инсанасул ва хIайваназул хьонтIи лъугьунеб, кIодолъулеб*) заман

ЭМИГРА́НТ *м* эмигрант (*эмиграциялда вугев чи, чияр ракьалде гочарав чи*)

ЭМИГРА́НТКА *ж* эмигрантка (*эмиграциялда йигей гIадан, чияр ракьалде гочарай гIадан)*

ЭМИГРА́НТСКИЙ, -ая,-ое эмигрантазул, чияр ракьалде гочаразул

ЭМИГРА́ЦИ//Я *ж* 1) (*переселение*) эмиграция (*щибниги гIиллаялдалъун, жиндирго ватIанги тун, къватIисеб улкаялде гочин, ин*) 2) эмиграция (*цоги улкаялде ун, гIумру гьаби, чIей*); **жить в ~и** эмиграциялда гIумру гьабизе 3) *собир.* эмигрантал

ЭМИГРИ́РОВАТЬ *сов. и несов.* батIияб улкаялде гочун ине

ЭМИ́Р *м* эмир (*востокалъул цо-цо бусурбан улкабазда аскаралъул бетIерасда яги улкаялъул бетIерасда абулеб цIар)*

ЭМИССА́Р *м уст.* эмиссар (*официалияб гуреб тIадкъайгун къватIисеб улкаялде витIулев чапар*)

ЭМИССИО́ННЫЙ, -ая, -ое *фин.* эмиссионияб, эмиссиялъул; **~ банк** эмиссионияб (эмиссиялъул) банк

ЭМИ́ССИЯ *ж фин.* эмиссия (*къиматал кагътал, кагъатгIарац, акциял, облигациял къватIире риччай*)

ЭМИТИ́РОВАТЬ *сов. и несов. фин.* къиматал кагътал (кагъатгIарац, акциял, облигациял) къватIире риччазе

ЭМОЦИОНА́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое хехго рекIел асар загьир гьабулев; чиясе кIудияб асар гьабулеб; жиндасан рекIел асар, хIал бихьулеб; **~ челове́к** хехго рекIел хIал къватIибе рехулев, рекIел асар загьир гьабулев чи

ЭМО́ЦИЯ *ж* рекIел кутакаб асар, рекIел хIал; **~ ра́дости** рекIел рохалилаб хIал; **~ гне́ва** щидалаб хIал

ЭМПИРЕ́//Й *м*: **вита́ть в ~ях** *книжн. ирон.* хIакъикъаталдаса тIун (ун) анищазда (хиялазда) вукIине (йикIине)

ЭМПИРИ́ЗМ *м* эмпиризм (*щибниги жоялъул хIакъикъаталда хадургьеялъе цохIого цо нухлъун хIалбихьи бугилан ри-кIкIунеб ва гIелмияб хIасил гьабиялдаса инкар гьабулеб философияб нух*)

ЭМПИ́РИК *м* эмпирик (*эмпиризмалъул рахъ кколев чи*)

ЭМПИРИОКРИТИЦИ́ЗМ *м* эмпириокритицизм (*материализмалъе гIаксаб, субъективияб идеализмаялъул материалияб дунял гьечIилан абулеб философияб нух*)

ЭМПИРИ́ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое I, *филос.* эмпириялъул(аб), эмпирияб, хIалбихьиялда бараб, хIалбихьи кьучIлъун босараб, хIалбихьиялъул хIасиллъун бугеб; **~ая филосо́фия** эмпириялъулаб (эмпирияб) философия 2) *книжн. (опытный)* хIалбихьиялда бараб, хIалбихьиялъулаб; **~им путём** хIалбихьиялъул кьагIидаялда

ЭМПИРИ́ЧНЫЙ, -ая, -ое эмпиризмалъулаб, эмпиризмалда бараб (бухьараб)

ЭМПИРИ́Я *ж* эмпирия (1 *гIадамасул хIалбихьи бихьун, рагIун бичIчIи, нахъгIунтIи, лъай;* 2 *тIабигIиял шартIазда халкквей*)

Э́МУ *м нескл.* варанихIинчI (Австралиялда букIунеб)

ЭМУ́ЛЬСИЯ *ж* эмульсия (1 *цо лъамалъиялда гьорлъ цоги лъамалъи гIисинал къатIрабилъун ругеб жуба-гьубай* 2 *фотокагътида, пленкаялда тIад букIунеб канлъуца асар гьабулеб гьат*)

ЭМФА́ЗА *ж* эмфаза (1 *лингв., лит. эмоциялъулаб баянлъи, каламалъулъ хIалуцин*; 2 *лингв. цо-цо гьаркьал хIалуцинарун рахъи*)

ЭМФАТИ́ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое эмфатикияб, эмфазияб; **~ое ударе́ние** эмфазияб ударение

ЭМФИЗЕ́МА *ж мед.* эмфизема, гьава цIикIкIин (*гьава букIине кколел лугбузулъ гьава цIакъго цIикIкIин, яги букIине кколарел лугбузулъ гьеб букIин*)

ЭНДЕМИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое эндемияб, эндемиялъулаб

ЭНДЕМИ́ЧНЫЙ, -ая, -ое *см.* **эндеми́ческий**

ЭНДЕМИЯ *ж* эндемия (*тIабигIаталъул хаслъабазда ва гIадамазул бетIербахъиялъул шартIазда хурхун цо-цо бакIазе хасиятал унтаби даимго рукIин*)

ЭНДОГА́МИЯ *ж этн.* эндогамия (*жиндирго тухумалдаса гурони чIужу ячине бегьулареб гIадат*)

ЭНДОГЕ́ННЫЙ, -ая, -ое эндогенияб (1 *жанисел гIиллабаздалъун сунданиги жаниб баккулеб (лъугьунеб)*; 2 *геол. ракьулъ жанир лъугьунел, вещественаби хисиялда хурхараб;* 3 *мед. чорхол жанисел гIиллабаздалъун (шартIаздалъун) лъугьунеб*)

ЭНДОКРИ́НН//ЫЙ, -ая, -ое *физиол.* эндокриниябж жанисеб секрециялъул железабазда хурхараб; **~ые же́лезы** эндокриниял железаби

ЭНДОКРИНО́ЛОГ *м* эндокринолог (*эндокринологиялъул специалист, врач*)

ЭНДОКРИНОЛО́ГИЯ *ж* эндокринология (*жанисеб секрециялъул железабазул ва гьел железабазул унтабазул бицунеб гIелму*)

Э́НДШПИЛЬ *м шахм.* эндшпиль (*шахматазул хIай ахиралде щвараб заман*)

ЭНЕРГЕ́ТИК *м* энергетик (*энергетикаялъул специалист*)

ЭНЕРГЕ́ТИКА *ж* энергетика (1 *физика гIелмуялъул энергиялъул бицунеб бутIа*; 2 *энергиялдасан пайда босиялъул, практикияб куцалда гьеб хIалтIизабиялъул техникаялъул бутIа*)

ЭНЕРГЕТИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое энергетикаялъул, энергетикияб; **~ институ́т** энергетикияб институт

ЭНЕРГИ́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое 1) хIаракат бугев, жигар-жан бугев, тири-гьирияв, бажари бугев; **~ый челове́к** хIаракат бугев чи 2) кутакаб, цIакъаб, гучаб; цIакъ асар гьабулеб; **~ые ме́ры** кутакал, цIакъ асар гьабулеб тадбирал

ЭНЕ́РГИ//Я *ж* 1) *физ.* энергия, гуч, къуват; **тепловáя ~** хинлъиялъулаб энергия 2) жигар, гьира, къасд, хIаракат бахъи; **с ~ей взя́ться за де́ло** жигаралда хIалтIуде тIаделъизе

ЭНЕ́РГО- *«энергетикияб», «энергетикаялъул» абулеб магIна* буге журарал рагIабазул тIоцебесеб бутIа, *мас.*: **энергосисте́ма** энергетикияб система

Э́НН//ЫЙ, -ая, -ое пуланаб, цо пуланаб; **~ое коли́чество** цо пуланаб къадар

Э́НСКИЙ, -ая, -ое пуланаб, цо пуланаб; **~ заво́д** цо пуланаб завод

ЭНТОМО́ЛОГ *м* энтомолог (*энтомологиялъул специалист*)

ЭНТОМОЛОГИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое этномологияб, энтомологиялъулаб

ЭНТОМОЛО́ГИЯ *ж* энтомология (*хIумI-хъумуралъул хIакъалъулъ бугеб гIелму, зоологиялъул бутIа*)

ЭНТУЗИА́ЗМ *м* кIудияб гьира (къасд) буголъи; шавкъ; **рабо́тать с энтузиа́змом** кIудияб гьираялда хIалтIизе

ЭНТУЗИА́СТ *м* хIаракатчи, бетIералде босун иш гьабулев чи; жигар, къасд бугев чи

ЭНТУЗИА́СТКА *ж* хIаракатай гIадан, жигар-къасд бугей гIадан

ЭНЦЕФАЛИ́Т *м мед.* гIадалнах гьорой

ЭНЦИКЛОПЕДИ́ЗМ *м* энциклопедизм *(гIемер батIибатIиял лъаязул бетIерганлъун вукIин*)

ЭНЦИКЛОПЕДИ́СТ *м книжн.* энциклопедист (*батIибатIиял гIелмабазул лъай бугев чи, гIалимчи*)

ЭНЦИКЛОПЕДИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое 1) энциклопедиялъулаб, энциклопедияб, **~ слова́рь** энциклопедияб словарь 2) *перен.* кинабго рахъалъан лъай цIикIкIарав

ЭНЦИКЛОПЕ́ДИЯ *ж* энциклопедия (*алфавиталъул яги темабазул тартибалда, системаялде ккезабун, къокъ гьабун, гIемерал гIелмабазул баян кьолеб справочник-словарь, тIехь*); **больша́я ~** кIудияб энциклопедия

ЭОЛИ́Т *м археол.* эолит (1. *палеолиталда цебе букIараб цIакъго некIсияб ганчIилаб гIасру*; 2 *гьеб заманалъул ганчIил алат*)

ЭПИГО́Н *м* эпигон (*литератураялда, искусствоялда политикаялда ва гь.ц., жиндицаго бижизабулеб цIияб ва хасаб жо гьечIого, цогидазда хадув рачIлъун вугев чи*)

ЭПИГО́НСКИЙ, -ая, -ое эпигонияб, эпигонасулаб

ЭПИГО́НСТВО *с книжн.* эпигонлъи

ЭПИГРА́ММА *ж* эпиграмма (*къокъаб сатирикияб кечI*)

ЭПИ́ГРАФ *м* эпиграф (*авторас жиндирго асаралда яги гьелъул цо бетIералда цебе лъолеб ва жиндилъ асаралъул аслияб пикру бугеб кисаниги босараб къокъаб калам, цитата, кици, рагIаби*)

ЭПИГРА́ФИКА *ж* эпиграфика (*некIсиял хъвай-хъвагIаял лъазарулеб гIелму*)

ЭПИГРАФИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое эпиграфикияб, эпиграфи-каялъулаб

ЭПИДЕМИО́ЛОГ *м* эпидемиолог (*эпидемиологиялъул специалист*)

ЭПИДЕМИОЛО́ГИЯ *ж* эпидемиология (*эпидемиязул бищунеб, лъазабулеб гIелму*)

ЭПИДЕМИ́ ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое эпидемиялъулаб, эпидемияб, хехго цоцаде бахунеб; **~ие заболева́ния** эпидемиялъулал (хехго цоцаде рахунел) унтаби; **~ие приви́вки** эпидемиялда данде гьарулел прививкаби

ЭПИДЕ́МИЯ *ж* эпидемия (*кинаб бугониги бахунеб унти кутакалда, гIamIидго mIибитIи, гIемеразде бахин*); **~ гри́ппа** грипп-палъул эпидемия, грипп хехго тIибитIи, гIемеразде бахин)

ЭПИЗО́Д *м* эпизод (1 *лъугьа-бахъин, лъугьа-бахъараб иш*; 2 *лит. эпизод, художествияб асаралъул кIвар бугеб ва жибго жиндаго чIараб гIадаб цо лъугьа-бахъин*)

ЭПИЗОДИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое, **эпизоди́чный,** -ая, -ое 1) ракIалда гьечIого ккараб, цебеккунго хIисабалде босун букIинчIеб; цо-цо (гьоркьо-гьоркьоб) кколеб, лъугьунеб, гьабулеб 2) эпизодияб, эпизодлъун бугеб; **эпизоди́ческий факт** эпизодияб хIужжа; **эпизоди́ческая роль** (театралда) цо-цо сценабазда хIалеб аслияб гуреб роль

ЭПИЗООТИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое *вет.* эпизоотиялъулаб, эпизоотияб

ЭПИЗОО́ТИЯ *ж вет.* эпизоотия (*хIайваназда гьоркьоб бахунеб унти mIибитIи*)

ЭПИЛЕ́ПСИЯ *ж мед.* эпилепсия, кIотадул унти

ЭПИЛЕ́ПТИК *м* эпилептик, кIотадул унтиялъ унтарав чи

ЭПИЛЕПТИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое эпилепсиялъулаб; **~ припа́док** эпилепсиялъ кIотин

ЭПИЛО́Г *м* эпилог (*художествияб асаралъул ахирияб бутIа, художествияб асаралда жаниб героязе хадуб лъугьараб бищунеб ахирияб бутIа*)

ЭПИСТОЛЯ́РНЫЙ, -ая, -ое эпистолалъул къагIидаялда хъвараб, цоцазде хъварал кагътазул къагIидаялда бугеб; **~ рома́н** эпистолалъул къагIидаялда хъвараб роман

ЭПИТА́ФИЯ *м* эпитафия (*хабзалазул заназда кочIохъего хъварал рагIаби*)

ЭПИТЕЛИА́ЛЬНЫЙ, -ая, -ое *анат., бот.* эпителиялъулаб, эпителияб

ЭПИТЕ́ЛИЙ *м анат., бот.* эпителий (*хIайваналъул, инсанасул къаркъалаялда тIад бигъун букIунеб клеткабазул цо чанго гьатазулаб ткань ва гьединго цо-цо хурдузул гьодорлъиялъул букIунеб жанисеб тIеренаб хъал)*

ЭПИ́ТЕТ *м* 1) *лит.* эпитет, сипатияб рагIи 2) *перен.* цоясе сипатлъун ккараб рагIи

ЭПИЦЕ́НТР *м* эпицентр (*ракь багъарараб яги кьвагьараб бакIалда тIад яги гьоркь бугеб ракьул гьат; бакьулъбакI, бищунго тункIи щвараб бакI)*

ЭПИ́ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое 1) эпосалъул, эпосияб, эпосалда хурхараб; **~ая пе́сня** эпосияб кечI; **~ий стиль** эпосияб стиль 2) (*величаво-спокойный*) чIухIигун сабурлъи бугев, цIакъго паракъатав, хIинкъи лъаларев

ЭПОЛЕ́Т//Ы *мн.* (*ед.* **~а** *ж*) *воен.* эполет (*революциялда цере Россиялда, гьанжеги цо-цо кватIисел улкабазул армиялда офицерзабазул, генералзабазул, адмиралзабазул парадалъул формаялда рукъарал чIухIарал погонал, гьеждакIичIал, гургинал, сверун симсалги даларал*)

ЭПОПЕ́Я *ж* 1) *лит.* эпопея (*кIудиял тарихиял лъугьа-бахъиназул бищунеб кIудияб литературияб (адабияб) асар* 2) (*история) кIудиял лъугьа-бахъинал, кIудияб бахIарчилъиялъул, гьунаралъул иш, тарих*); **~ Вели́кой Оте́чественной войны́** КIудияб ВатIанияб рагъул тарих

Э́ ПОС *м лит.* эпос (1 *литератураялъул хабарияб къагIидаялъ хъвараб тайпа (драма ва лирика гуреб*); 2 *халкъияб творчествоялъул асарал: бахIарчиял умумузул хIакъалъулъ къисаби, харбал, биценал, кучIдул*; *гьединал асаразул жамгI, цо гIахьалаб темаги бугеб, цо халкъалдаги бухьараб*)

ЭПО́Х//А *ж* эпоха, кIудияб заман; **геологи́ческие ~и** геологиялъулал заманал; **~а феодали́зма** феодолизмалъул заман

ЭПОХА́ЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое *книжн.* эпохаялъулаб; **~ые собы́тия** кIвар бугел, кIудиял лъугьа-бахъинал

Э́ Р//А *ж* 1) эра, заман; **в тре́тьем ве́ке до на́шей ~ы** нилъер эраялъул лъабабилеб гIасруялда 2) эра, заман (*цо тайпаялъул кIудиял ишал лъугьунеб заманалъул кесек*); **~ пролета́рских революций** пролетариял революциязул заманал 3) *геол.* эра (*магIданалъулал породаби лъугьине хIажалъулеб заман*)

ЭРГ *м физ.* эрг (*энергиялъул хIалтIул роцен*)

ЭРЗА́Ц *м* эрзац (*цо щибниги жояльул бакIалда хIалтIизабулеб хашаб ва къадараб цоги жо, суррогат*)

ЭРИТРОЦИ́ТЫ *мн.* (*ед.* **эритроци́т** *м*) эритроцитал (*гемоглобин гъорлъ бугеб бидул составалда гьоркьор рукIунел багIарал гарал*)

ЭРО́ЗИЯ *ж* эрозия (1 *геол. ракьул тIасияб хъал гьороца, цIороца, лъеца хвезаби*; 2 *тех. магIданалъул, металлалъул тIасияб хъал хвезаби;* 3 *мед. биххи, хвей, щущай*)

ЭРОТИ́ЗМ *м книжн.* эротизм (*цIакъ кIудияб асар лъугьин; бихьин-цIулъиялъулаб бухьеналдехун цIикIкIараб гъира-шавкъ букIин*)

ЭРО́ТИКА *ж* эротика (*асар, хIасралъи; бихьин-цIулъиялъулаб бухьеналдехун гьетIи, вуссин, гъира*)

ЭРОТИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое *книжн.* эротикияб, эротизмалъулаб

ЭРОТИ́ ЧНЫЙ *см.* **эроти́ческий**

ЭРУДИ́РОВАННЫЙ, -ая, -ое кIудияб, гъваридаб лъай бугев, гIемераб жо лъалев

ЭРУДИ́ Т *м* цIакъ гъваридаб лъай бугев чи

ЭРУДИ́ ЦИ//Я *ж* эрудиция, гъваридаб, щулияб лъай, гIемераб жо лъай; **челове́к с большо́й ~ей** цIакъ гъваридаб лъаялъул чи

ЭСЕ́Р *м* эсер (*социалист-революционер*)

ЭСЕ́РКА *ж* эсерка (*социалист-революционерка*)

ЭСЕ́РОВСК//ИЙ, -ая, -ое эсеразул(аб); **~ая поли́ тика** эсеразул политика

ЭСКА́ДРА *ж* эскадра (*флоталъул цо флагманасул бетIерлъиялда гъоркь бугеб гумузул къокъа*)

ЭСКАДРО́ННЫЙ, -ая, -ое эскадраялъул(аб), эскадраялда хурхараб; **~ миноно́сец** эскадраялъулаб миноносец

ЭСКАДРИ́ЛЬЯ *ж* эскадрилья (*рагъулал самолетазул кIудияб къокъа*)

ЭСКАДРО́Н *м* эскадрон (*рекIараб аскаралъул цо къокъа*)

ЭСКАДРО́ННЫЙ, -ая, -ое эскадроналъул(аб), эскадроналда хурхараб

ЭСКАЛА́ТОР *м* эскалатор *(гIадамал раччулеб болъо)*; **подня́ ться по ~у** эскалаторалда рекIун тIаде ине

ЭСКАЛА́ТОРНЫЙ, -ая, -ое эскалаторалъул(аб)

ЭСКАЛА́ЦИЯ *ж* эскалация (*дагь-дагьккун цIикIкIинаби, гIamIид гьаби, кIодолъи*)

ЭСКАЛО́П *м кул.* эскалоп (*кьарияб гуреб гьанал халаткараб бежараб кесек*)

ЭСКИ́ З *м* эскиз (*кIудияб сурат бахъилалде цебеккун тIасамасаго бахъулеб сурат, план*)

ЭСКИ́ ЗН//ЫЙ, -ая, -ое эскизалъул(аб); **~ые набро́ски** эскизалъулал суратал, планал

ЭСКИМО́ *с нескл.* эскимо (*тIаде шоколад биччараб, шоколадалъул хъал бугеб мороженое*)

ЭСКИМО́С *м* эскимосав

ЭСКИМО́СКА *ж* эскимосай

ЭСКИМО́ССКИЙ, -ая, -ое эскимосазул(аб), эскимос; **~ язы́к** эскимосазул (эскимос) мацI

ЭСКИМО́СЫ *мн.* эскимосал

ЭСКО́РТ *м* эскорт (*щибниги цIунулеб яги, хIурмат гьабун, цадахъ тIамураб аскарияб хъаравуллъи*); **почётный ~** хIурматияб эскорт

ЭСКОРТИ́РОВАТЬ *сов. и несов. кого-что* цадахъ аскарияб хъаравуллъи тIамизе

ЭСКО́РТНЫЙ, -ая, -ое эскорталъе бугеб, эскорталъулаб; **~ минонóсец** эскорталъе бугеб миноносец

ЭСМИ́НЕЦ *м* эсминец (*эскадраялъул миноносец, рагъул гамил цо тайпа*)

ЭСПАДРО́Н *м спорт.* эспадрон (*хвалчад рахъиналъе хIалтIизабулеб бал гьечIеб хвалчен*)

ЭСПАНЬО́ЛКА *ж* къокъаб тIогьиса бегIераб мегеж

ЭСПЕРА́НТО *с нескл.* эсперанто (*мIолго дунялалдаго киналго халкъазда гьоркьоб хIалтIизабизеян ургъун бахъун букIараб мацI)*

ЭССЕ́НЦИЯ *ж* эссенция (1 *сундасаниги бахъараб, къваригIараб мехалъ лъададалъун билъулеб кутакаб экстракт, состав*; 2 *хурдул къан цIун бахъулеб эфиралъул нах*; 3 *щибниги жоялъул аслияб кьучI, аслу*)

ЭСТАКА́ДА *ж* эстакада (1 *гумул аскIоре рачIун чIезе лъадалъ хIубал чIван гьабураб тIадхъел, рагъи; доре-гьанире рахине гъоркь хIубал чIван гьабураб чIедераб хъарщазул нух*; 2 *ралъдалъ, гIурулъ хIубал чIван гьабураб буцур*)

ЭСТА́МП *м иск.* эстамп (*кагътида чIван лъугьараб сурат, гравюраялдасан гьабураб сурат*)

ЭСТАФЕ́Т//А *ж* 1) *уст.* эстафета, рекIарав витIун щвезабураб поч 2) *спорт.* эстафета (*мадиро гьабун рекери, лъедей*); **лы́жная ~а** лыжабазул эстафета; **бег с ~ой:** а) мадиро гьабун рекери; б) (гIуж, гIаламат, тIил) цоцахъе кьун рекери 3) *спорт.* эстафета (*мадиро гьабун рекерулеб механ цоцахъе кьолеб хасаб предмет*)

ЭСТАФЕ́ТНЫЙ, -ая, -ое эстафетаялъул(аб); **~ бег** эстафетаялда рекери

ЭСТЕ́Т *м* эстет (1 *берцинлъиялъул, чIурканлъиялъул, гьайбатлъиялъул рахъ кколев чи*; 2 *эстетизмалъул рахъ ккурав чи*)

ЭСТЕТИ́ЗМ *м* эстетизм (1 *берцинлъиялде, берцинал жалазде цIакъ пикру буссинаби*; 2 *искусствоялда идеялъул, магIнаялъул рахъалъе зиян кколеб даражаялда къватIисеб формаялде гIурхъулъа ун кIвар кьей*)

ЭСТЕ́ТИК *м* эстетик (*эстетикаялъул специалист*)

ЭСТЕ́ТИКА *ж* эстетика (1 *искусствоялда, дунялалда ва гIадамазул гIумруялда жаниб берцинлъиялъул, гьайбатлъиялъул хIакъалъулъ бицунеб философияб гIелму*; 2 *лъил ругониги искусствоялда ругел бербалагьиязул система*; 3 *берцинлъи, гьайбатлъи, чIурканлъи*)

ЭСТЕТИ́ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое 1) эстетикаялъулаб, эстетикияб 2) берцинаб, гьайбатаб, чIурканаб, лазатаб; **~ое наслажде́ние** эстетикияб лазат, берцинаб лазат

ЭСТЕТИ́ЧНОСТЬ *ж* берцинлъи, гьайбатлъи, чIурканлъи

ЭСТЕТИ́ЧНЫЙ, -ая, -ое берцинаб, гьайбатаб, чIурканаб

ЭСТЕ́ТСКИЙ, -ая, -ое эстетасулаб

ЭСТЕ́ТСТВО *с* эстетство (*эстетасул хасият, гIамал, тIабигIат; эстетизмалде машгъуллъи,хадув чIей*)

ЭСТО́НЕЦ *м* эстонияв

ЭСТО́НКА *ж* эстонияй

ЭСТО́НСКИЙ, -ая, -ое эстониязул(аб); эстон; **~ язы́к** эстониязул (эстон) мацI

ЭСТО́НЦЫ *мн.* эстониял

ЭСТРА́Д//А *ж* эстрада (1 *площадка, халкъалда цебе кечI ахIизе, кьурдизе ва ц. ракIгьеялъе бараб хъорщол борхатаб рагъи гIадаб бакI*; 2 *хис-хисун гьарулел номеразул гIисинал формабазул искусствоялъул концерт (кучIдул ахIи);* **арти́сты ~ы** эстрадаялъул артистал

ЭСТРА́ДНЫЙ, -ая, -ое эстрадалъул(аб); **~ конце́рт** эстрадаялъул концерт

ЭСЭ́ СОВЕЦ *м* эсэсав (*гитлерилаб Германиялда фашистазул организациялъул член*)

ЭСЭ́ СОВСКИЙ, -ая, -ое эсэсазул(аб)

Э́ТА *ж см.* **э́тот**

ЭТА́Ж *м* тIала; **дом в де́сять ~е́й** анцIго тIала бугеб мина; **жить на второ́м ~е́** рукъалъул кIиабилеб тIалаялда гIумру гьабизе

ЭТАЖЕ́РКА *ж* этажерка (*мIахьал ва гь.ц. лъолеб, нуцIа гьечIеб, кисанго рагьараб ва тIад-гьоркь хъарщал ругеб шкаф*)

Э́ТАК *нареч. разг.* 1) гьедин; **~ ты и не дойдёшь** гьедин мун щоларо 2) гIага-шагарго; **~ дня че́рез два-три… г**Iага-шагарго кIиголъабго къоялдасан… **◊ и так и ~** гьадинги гьединги (додинги)

Э́ ТАК//ИЙ, -ая, -ое *мест. определит. разг.* гьадинав, гьединав; **~ий плут!** гьединав (гьадинав) хIиллачи!

ЭТАЛО́Н *м* 1) эталон (*роценалъе чIезабураб, бихьизабураб битIараб образец*); **~ ме́тра** метралъул эталон 2) *перен.* эталон, образец, роцен, мисал; **служи́ть ~ом** *для кого-чего-л. лъиениги-сундуениги* мисаллъул вукIине (букIине)

ЭТА́П *м* 1) этап (*щибниги цебетIеялъул процессалда цо чIараб заман*) 2) *воен.* этап, пункт (*къокъаби яги отрядал гочинарулаго рещтIунеб бакI, чIолеб пункт*) 3) *ист.* этап, ятап (*некIо Россиялда туснахъал рещтIунеб бакI ва гьел рачунеб нух*) 4) *спорт.* манзил, этап **◊ про́йденный ~** гьабун лъугIараб жо (иш); **отпра́вить по ~у (~ом)** туснахъ гьарурал гьел цIунулел чагIигун ритIизе

ЭТА́ПН//ЫЙ, -ая, -ое этапалъул; **~ый нача́льник** этапалъул начальник; **~ый пункт** ятапалъул чIолеб бакI **◊ ~ым поря́дком** этапалъул, ятапалъул къагIидаялъ

Э́ ТИ *мн. от* **э́тот, э́та, э́то;** гьал

Э́ТИКА *ж* этика (1 *адаб, мораль, хасият, гIаданлъиялъул къагIидабазул хIакъалъулъ бугеб философияб гIелму*; 2 *кинаб бугониги классалъул, жамгIиял къокъабазул адабалъул, хасияталъул, намусалъул, гIаданлъиялъул къагIидаби*); **врачебная ~** тохтурзабазул этика

ЭТИКЕ́Т *м* этикет (*иш гьабиялъул, гIадамазда гъорлъ вукIиналъул низам, къагIида*); **соблюда́ть ~** низам (къагIида) цIунизе

ЭТИКЕ́ТК//А *ж* этикетка (*дармил учрежденияльул яги фабрикалъул марка, тIад хъвай-хъвагIай гьабураб кагъат, тIад чIвараб мугьру, дамгъаялъул кагъат*); **накле́ить ~у** этикетка седезе

ЭТИ́ Л *м хим.* этил (*углеродалъулги водородалъулги атомаздасан гIуцIараб группа*)

ЭТИЛЕ́Н *м хим.* этилен (*газ*)

ЭТИ́ ЛОВЫЙ, -ая, -ое этилалъул; **~ спирт** этилалъул спирт

ЭТИМО́ЛОГ *м* этимолог (*этимологиялъул специалист*)

ЭТИМОЛОГИЗИ́ РОВАТЬ *несов. лингв.* рагIи лъугьараб куц лъазабизе, мацIалъул рагIи лъугьараб куцалде машгъуллъизе

ЭТИМОЛОГИ́ЧЕСКИЙ, -ая, -ое этимологиялъулаб, этимологияб, рагIи лъугьараб куц лъазабиялда хурхараб; **~ слова́рь** этимологияб словарь

ЭТИМОЛО́ГИЯ *ж* этимология (1 *рагIабазул лъугьин, гьезул байбихьуда (тIоцебе) букIараб гIуцIи (структура), магIнаялъулаб бухьен, цогидал мацIазул рагIабаздехун гIагарлъи лъазабулеб мацIалъул гIелмуялъул бутIа*; 2 *кинаб бугониги рагIи лъугьараб куц*) **◊ нарóдная ~** *лингв.* чияр мацIалдасан бачIараб рагIи гьелде гIагараб рахьдал мацIалъул рагIиялъул гьаркьилаб рахъалда рекъон хисизаби

ЭТИМО́Н *м лингв.* этимон (*жиндасан цоги рагIи лъугьараб байбихьулаб рагIи)*

ЭТИОЛО́ГИЯ *ж мед.* этиология (1 *унти ккеялъе гIиллаби ва шартIал лъазарулеб медицинаялъул бутIа;* 2 *кинаб бугониги унти ккеялъе гIилла*)

ЭТИ́ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое этикияб, этикаялъул, рекъараб; **~ие но́рмы** этикиял нормаби (къагIидаби); **так поступа́ть не эти́чно** гьедин гьабизе рекъон гьечIо, этикаялда рекъоларо (данде кколаро)

ЭТИ́ ЧНЫЙ, -ая, -ое *см.* **эти́ческий**

ЭТНИ́ ЧЕСКИЙ, -ая, -ое кинаб бугониги халкъалда, миллаталда, къавмалда ва инсанияб культураялда хурхинабураб, этникияб; **~ соста́в населе́ния** халкъалъул этникияб состав (гIуцIи)

ЭТНОГЕНЕ́З *м* халкъ, миллат бижи, лъугьун бачIин, этногенез

ЭТНО́ГРАФ *м* этнограф (*этнографиялъул специалист*)

ЭТНОГРАФИ́ ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое этнографиялъул, этнографияб, этнографиялда хурхараб; **~ая ка́рта** этнографияб карта

ЭТНОГРА́ФИЯ *ж* этнография (1 *халкъазул рукIа-рахъин, гIадатал, материалияб культура лъазабулеб гIелму*; 2 *кинаб бугониги халкъалъул гIадатазул, рукIа-рахъиналъул, культураялъул хаслъи*)

ЭТНО́ЛОГ *м* этнолог (*этнологиялъул специалист*)

ЭТНОЛО́ГИЯ *ж* этнология (*некIсиял халкъазул хIакъалъулъ гIелму*)

Э´ ТО[1] 1) *частица усил.* гьав, гьай, гьаб; **кто ~ пришёл?** щив гьав вачIарав? 2) *связка* гьеб; **жизнь – ~ борьба́** гIумру – гьеб къеркьей (буго)

Э´ ТО[2] *мест. указ. с* **1.** гьеб **2.** *в знач. сущ.* гьеб; **как ~ все случи́лось** кин гьеб (кинабго) ккараб; **никто́ ~му не пове́рит** щивниги гьелда божуларо

Э´ ТО//Т *мест. указ.* **1.** 1) гьев, гьей, гьаб; **на ~ом берегу́** гьаб рагIалда; **~т или тот дом** гьаб яги доб рукъ 2) гьеб; **ничего́ с э́ тим де́лом не вы́йдет** гьелъул (гьеб ишалъул) щибниги лъугьунаро (кколаро) **2.** *в знач. сущ.* **э́то** гьев, гьей, гьеб; **кто ~ был** щив (щий) гьев (гьей) вукIарав (йикIарай)

ЭТРУ´ СКИ *мн.* (*ед.* **этру́ск** *м*) этрускал

ЭТРУ́ССКИЙ, -ая, -ое этрусказул; **~ язы́к** этрусказул мацI

ЭТЮ´ Д *м* этюд (1 *жив. эскиз, план, живописалда кIудияб сурата́лъул бутIалъун кколеб кесек;* 2 *литературияб, гIелмияб къокъаб очерк;* 3 *гьитIинаб музыкалияб пьеса;* 4 *шахматазул, шашкабазул масъала*)

ЭТЮ́ДНИК *м* этюдник (1 *этюдал жанир лъолеб гъутухъ яги папка*; 2 *художникас этюд бахъизе тIад кагъат лъолеб хъарщи*)

ЭФЕ́ДРА *ж бот.* хIамирачI

ЭФЕМЕ́РН//ЫЙ, -ая, -ое *книжн.* 1) хехго тIагIунеб, манзил къокъаб, заманалъул; жагъалаб, щулияб гуреб; **~ый успе́х** къокъаб заманалъул бергьенлъи 2) (*призрачный*) хиялияб, хIакъикъияб гуреб; **~ая мечта́** хIакъикъияб гуреб анищ

ЭФЕ́НДИ *м нескл.* бетIерчIахъад (*адабалда, хIурмат гьабун, бихьинчиясда абулеб рагIи)*

ЭФЕ́С *м* хвалчадул, хочол гIоркъ

ЭФИО́П *м* хIабашияв, эфиопав

ЭФИО́ПКА *ж* хIабашияй, эфиопай

ЭФИО́ПСКИЙ, -ая, -ое хIабашиязул(аб),эфиопазул(аб)

ЭФИО́ПЫ *мн.* хIабашиял, эфиопал

ЭФИ´ Р *м* 1) *хим.* эфир (*медицинаялда, техникаялда, парфюмериялда хIалтIизабулеб*) 2) эфир (*радиоволнаби* (*карачелал*) *тIиритIулеб сверухълъи*); **вы́йти в ~** *щибниги жо* радиоялдасан кьезе байбихьизе; **передава́ть в ~** радиоялдасан кьезе (кIалъазе); **в ~е звучи́т му́зыка** эфиралдасан (радиоялдасан) музыка рагIулеб буго

ЭФИ́РН//ЫЙ, -ая, -ое 1) *хим.* эфиралъул; **~ый за́пах** эфиралъул махI; **~ое ма́сло** эфиралъул нах 2) *перен.* гьаваялъулаб, черх (къаркъала) гьечIеб; **~ое существо́** черх гьечIеб чIагояб жо

ЭФИРОНО́С *м* эфиралъул нах жиндилъ букIунеб хер

ЭФИРОНО́СНЫЙ, -ая, -ое эфир жиндилъ бугеб (букIунеб)

ЭФФЕ́КТ *м* 1) кутакаб асар; **произвести́** ~ кутакаб асар гьабизе 2) (*результат*) хIасил, асар; **лека́рство не дало́ никако́го ~а** даруялъ кигIан дагьабниги асар гьабичIо (хIасил кьечIо) 3) *мн.* **~ы** *театр.* эффектал, асарал; **шумовы́е ~ы** хъуялдалъун гьарулел асарал

ЭФФЕКТИ´ ВНОСТЬ *ж* хIасил букIин, асар гьаби

ЭФФЕКТИ́ВН//ЫЙ, -ая, -ое хIасил бугеб, асар гьабулеб; **~ый спо́соб** хIасил бугеб (кьолеб) къагIида; **~ые мероприя́тия** хIасил бугел тадбирал

ЭФФЕ́КТНОСТЬ *ж* кутакаб асар гьаби; **~ костю́ ма** костюмалъ кутакаб асар гьаби

ЭФФЕ́КТН//ЫЙ, -ая, -ое к1удияб асар гьабулеб; **~ая по́за** к1удияб асар гьабулеб чIараб куц (*гIадамасул*)

ЭХ *межд.* гьай, огь; **~ ты, рази́ ня!** гьай, мун тохав (хагарав) чи!; **~, како́й краси́ вый!** огь, кигIан (мун) берцинав!

Э´ ХО *с* дандерижи

ЭХОЛО́Т *м* эхолот (*ралъдал гъварилъи борцунеб алат*)

ЭШАФО́Т *м* эшафот (*гIадан гъанкъулеб, гIашIичияс бетIер къотIулеб бакI)*

ЭШЕЛО́Н *м* эшелон (1 *воен. бодул низамалда чIараб къокъа;* 2 *гIемерал гIадамал, къайи-къоно баччулеб хасаб поезд*)

ЭШЕЛОНИ́РОВАТЬ *сов. и несов. что воен.* эшелонал гьарун чIезаризе

Ю

ЮБИЛЕ́Й *м* юбилей (1 *цощинав чи ялъуни учреждение хIалтIун, ялъуни цо республика гIуцIун ва гь.ц. сонал рай*; 2 *гьелда хурхун хIурмат гьабиялъул байрам*); **пятидесятиле́тний** ~ кIикъоялда анцIго сон баялъул (тIубаялъул) юбилей

ЮБИЛЕ́ЙН//ЫЙ, -ая, -ое юбилеялъул, юбилеялда хурхараб; **~ая меда́ль** юбилеялъул медаль; **~ая да́та** юбилеялъул къо (заман); **~ое изда́ние** юбилеялда хурхун басмаялде бахъи; **~ая се́ссия** юбилеялда хурхараб (хурхун ахIараб) сессия

ЮБИЛЯ´ Р *м* юбиляр (*жиндир юбилей гьабулев чи яги учреждение*)

ЮБИЛЯ́РША *разг. ж* юбилярша (*жиндир юбилей гьабулей чIужугIадан*)

Ю´ БК//А *ж* юбка ◊ **держа́ться за** *чью-л. ~ шутл.* чIужуялъул яги эбелалъул кверщаликь вукIине, гьезул пикруялъе мутIигIавлъун вукIине

ЮЖА́НЕ *с* югалда ругел чагIи, югалъул чагIи

ЮЖА́НИН *м* югалъул чи, югалда гIурав (гIумру гьабулев) чи

ЮЖА́НКА *ж* югалъул чIужугIадан, югалда гIурай (гIумру гьабулей) гIадан

Ю´ ЖН//ЫЙ, -ая, -ое югалъулаб, югалда бугеб, югалдехуниссеб; **~ая сторона́** югалъулаб рахъ; **~ый ве́тер** югалъулаб гьури; **~ый кли́мат** югалъулаб гьава-бакъ

Ю́ЗОМ *нареч.* хъуштIизабун, гиризабичIого; бехъерхъун, ракъалдасан хадуб цIан

ЮЛА́ *ж* 1) (*волчок*) цIалач, зенеро, гIандарак 2) *м, ж перен. разг. (непоседа)* зенеро *(цо хIалалда чIоларев, зенеро гIадав чи);* рохгьечI

ЮЛИА́НСКИЙ, -ая, -ое: ◊ ~ **календа́рь** юлианилаб кален-дарь (*басрияб стиль; нилъер заманалде щвелалде 46 соналъ Юлий Цезарица билъалъанхъизабураб сонал рикIкIиналъул система*)

ЮЛИ´ ТЬ *несов. разг.* 1) (*вертеться*) кьуркьудизе, зенеро гIадин вукIине: **сиди́ споко́йно, не юли́** гIодове виччан чIа, зенеро гIадин вукIунге 2) *перен кем–чем перен. (лебезить)* хIелхIедизе 3) *перен. (хитрить)* сихIирлъизе, сверсезабизе; **не юли́, говори́ пра́вду** сверсезабуге, битIараб бице

ЮМОР *м* юмор, махсара; юморияб асар (*махсараялъул къагIидаялда хъвараб литературияб асар*)

ЮМОРЕ́СКА *ж* юморалъул гьитIинаб литературияб яги музыкалияб асар

ЮМОРИ́СТ *м* 1) (*автор, исполнитель*) юморист (*махсараялъул къагIидаялда литературиял асарал хъвалев яги сценаялдасан гьел цIалулев чи*) 2) *перен. разг. (человек, склонный к юмору)* махсарочи, махсара-хочI бокьулев чи

ЮМОРИСТИ´ ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое юморалъул(аб), юморалда хурхараб; **~ие расска́зы** юморалъулал харбал

ЮМОРИСТИ´ ЧНЫЙ, -ая, -ое юмор лъалев; махсарадул цIураб

Ю́НГА *м* юнга (*гамида матрослъун хIалтIизе ругьун гьавулев гьитIинав гIолилав; гьитIинав матрос*)

ЮНЕ́Ц *м разг.* гIолилав *(12-17 сонилал)*

ЮНИО́Р *м (юный спортсмен)* гIолилав спортсмен; **соревнова́ния среди́ ~ов** гIолилал спортсменазда гьоркьор къецал

ЮНИО́РСКИЙ, -ая, -ое юниоразул(аб), гIолилал спортсменазул

Ю´ НКЕР[1] *м* (*мн.* **~ы**) юнкер (*Пруссиялда кIудияв помещик*)

Ю´ НКЕР[2] *м* (*мн.* **~а́**) *воен.* юнкер (*некIо Россиялда рагъулаб училищеялда офицерлъиялъе цIалулев гIолилав*)

Ю´ НКЕРСКИЙ, -ая, -ое юнкерасул(аб)

ЮНКО́Р *м (юный корреспондент)* юнкор (*гIолилав мухбир*)

ЮНКО́РОВСКИЙ, -ая, -ое юнкорасул(аб), юнкоразул(аб), гIолилав мухбирасул

ЮННА́Т *м (юный натуралист)* юннат (*гIолилав натуралист, тIабигIатчи, тIабигIат лъазабулев цIалдохъан*)

ЮННА́ТСКИЙ, -ая, -ое юннатасул(аб), гIолилав натуралистасулаб, тIабигIатчиясулаб

Ю́НОСТЬ *ж* гIолохъанлъи, гIолохъанаб заман; гIун бачIунеб гIел, гIолилаб ригь

Ю́НОША *м* гIолилав, гIун вачIунев вас, балугълъуде вахунев вугев вас

Ю´ НОШЕСКИЙ, -ая, -ое гIолилазулаб, гIисинаб гIелалъул; **~ во́зраст** гIолиллъиялъул ригь (гIуж)

Ю´ НОШЕСТВО *с* 1) *собир. (молодежь)* гIолилал 2) (*юность*) гIун вачIунеб гIуж, балугъларуде вахунеб мех

ЮНЦА́, ЮНЦУ´ *и т.д. род., вин., дат. и т.д. от* **юне́ц**

Ю́Н//ЫЙ, -ая, -ое гIолилаб; **~ый во́зраст** гIолилаб ригь; **с ~ых лет** гIолилаб заманалдаса (ригьалдаса) (нахъе); **теа́тр ~ого зри́теля** гIолилав зрителасул (балагьулесул) театр (гIолилазе бугеб театр); *перен.* дагьаб цебегIан лъугьараб, бижараб, гIумру гьабизе байбихьараб

ЮПИ́ТЕР *м) астр.* Юпитер (*планета*) 2) юпитер (*осветительный прибор*) юпитер (*кино бахъулелъул цIакъ кIудияб канлъи кьолеб электрикалъул алат)*

ЮРИДИ´ ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое юридическияб, юристлъиялъул, правоялда (ихтияралда) хурхараб, ихтияралъулаб; **~не нау́ки** юридическиял гIелмаби; **~ий факульте́т** юридическияб факультет ◊ **~ая консульта́ция** ихтияралъулаб (юридическияб) гIакълу-малъи гьаби; **~ое лицо́** юридическияб (гIакълу-малъи кьолеб) организация, идара

ЮРИСДИ´ КЦИЯ *ж* юрисдикция (*диван-суд гьабизе ихтияр букIин, гьединаб ихтияр букIин чIезаби*)

ЮРИСКО́НСУЛЬТ *м* юрисконсульт (*цощинаб учреждениялъул даимав юрист, гьеб учреждениялъе хIажатал юридическиял масъалабазул рахъалъ маслихIатал нухал рихьизарулев чи*)

ЮРИСПРУДЕ́НЦИЯ *ж* юриспруденция (*юридическиял гIелмаби*)

ЮРИ́СТ *м* юрист (*юридическиял гIелмабазул специалист ялъуни гьеб ишалда хIалтIулев чи*)

ЮРК *межд. в знач. сказ. разг.* паркъун, ворчIун, хехго ана; **~ под оде́я´ло** паркъун юргъаналда гъоркье ана

Ю´ РКИЙ, -ая. -ое хехав, тирияв, лебалав, гъорлъан ворчIарав; **~ ма́льчик** гъорлъан ворчIарав вас

Ю́РКНУ//ТЬ *сов.* паркъун тIагIине *(цебеса);* **мышь ~ла в но́рку** гIункI картIинибе паркъун ана

ЮРО́ДИВЫЙ, -ая, -ое 1) (*глуповатый*) гIадалав, гьагмахIав, гьагав 2) *в знач. сущ. ~ м* букIинесеб (бачIинесеб) лъалевилан диниял чагIаз рикIкIунев, дунялалде мугъ рехарав, валимахIав, гIантавилан чIарав чи

ЮРО́ДСТВО *с* 1) гIадаллъи (гьаглъи) букIин бихьизаби 2) магIна гьечIеб, гIантаб иш *(гIамал)*; гIабдаласе хасиятаб хьвадачIвади

ЮРО́ДСТВОВАТЬ *несов.* магIна гьечIеб, гIантаб иш (гIамал) гьабизе

Ю´ РТА *ж* юрта, чадир, гочарулел чагIазул рукъ (хъош)

ЮСТИ´ ЦИ//Я *ж* 1) юстиция (*суд гьабулел учреждениял, гIуцIаби, тIолабго суд гьабиялъул система*) 2) (*органы*) юстиция (*юстициялъул, судалъул органал*); **министе́рство ~и** юстициялъул министерство

ЮТИ́ТЬСЯ *несов.* 1) (*иметь пристанище*) гьитIинабго букIалда вукIине, рукIун (регел) букIине; **~ у знако́мых** лъалел чагIазулъув вукIине 2) (*иметь убежище, скрываться*) вахчун чIезе, рахчизе бакI балагьизе (букIине) 3) (*тесниться*) цоцалъ къан рукIине

Ю́ФТЕВ//ЫЙ, -ая, -ое тамахаб лайкадул; **~ые сапоги́** тамахаб лайкадул чакмаби

ЮФТЬ *ж* тамахаб лайкадул цо тайпа

ЮЧУ´ СЬ *наст. от* **юти́ться**

Я

Я *мест. личн.* (меня́, мне, мной, мно́ю, обо мне) дун; **э´то я** гьав дун; **это я сде́лал** гьеб дица гьабуна; **э´ то я ему́ сказа́л** гьеб дица абуна гьесда; **я тебе́ (вам, им)** *или* **я тебя́ (его́, вас, их**); *разг.* дица мун (дуе), дица бихьила дуе гьабулеб жо *(хIинкъи кьезе);* **я бу́ду не я´ , е́сли** дун дун гуро, … ни

Я´ БЕДА *м, ж разг.* 1) мацIихъан 2) *ж разг.* мацI, бугьтан

Я´ БЕДНИК *м разг.* мацIихъан, бугьтанчи

Я´ БЕДНИЧАТЬ *несов. на кого-что разг.* мацI гьабизе, бугьтанал лъезе

Я´ БЕДНИЧЕСТВО *с разг.* мацI гьаби, бугьтанал льей

Я́БЛОК//О *с* гIеч; **спе́лое ~о** барщараб гIеч ◊ **ада́мово ~о** *анат.* мукъулукъил гIекI; **глазно́е ~о** *анат.* берзул гIеч; **~у не́где упа́сть** эхеде рехараб тIагъур гIодобе бортизе бакI гьечIо (*тIатIала къаялъ, къваридго букIиналъ*); **в ~ах** гургинал бецIал тIанкIал ругеб (*чу*); **~о от я´ блони недалеко́ па́дает** *погов.* гъотIодаса гIеч рикIкIадегIан бортулареб (*цIцIе кIанцIаралъусан бурутIги кIанцIулеб*)

Я́БЛОНЕВЫЙ, -ая, -ое гIечугъотIол; **~ сад** гIечугъутIбузул ах

Я´ БЛОНЯ *ж* гIечугъветI

Я´ БЛОЧКО *ж* 1) *уменьш. от* **я´блоко;** 2) (*центр мишени*) гIужил бакъулъбакI; **попа́сть в ~** гIужил бакъулъ щвезе

Я́БЛОЧН//ЫЙ, -ая, -ое гIечул, гIечалъул; **~ый за́пах** гIечул махI; **~ый вкус** гIечул тату, тIагIам; **~ое варе́нье** гIечул мурапа (варенье); **~ый пиро́г** гIеч жаниб лъун гьабураб пирог (гIечул пирог)

ЯВИ´ ТЬ *сов.* бихьизабизе, гьабизе; **~ ми´ лость** рахIму гьабизе

ЯВИ́//ТЬСЯ *сов.* 1) (*прибыть, прийти куда-л.)* вачIине; **~ться во́время** жиндир заманалда (бихьизабураб заманалда) вачIине 2) (*возникнуть*) загьирлъизе, бижизе, цебе баккизе; **у него́ ~лась мысль** досул пикру бижана 3) (*оказаться*) ккезе; **просту́да ~лась причи´ной заболева́ния** квачай ккана унтиялъе сабаблъун (гIиллалъун)

Я´ ВКА *ж* 1) (*по гл.* **яви´ться**) вачIин (ячIин), рачIин; **~ на собра́ние** собраниялде рачIин 2) (*место конспиративной встречи*) балъго данделъулеб бакI 3) балъгояб данделъи

ЯВЛЕ́НИЕ *с* **1.** (*по гл.* **яви´ться**) вачIин **2.** лъугьа-бахъин, иш, хIал; **обы´ чное** ~ гIадатаб иш; ~ **приро́ды** тIабигIаталъул лъугьа-бахъин **3.** (*тот или то, что появилось, возникло*) бижи, бакки; **тала́нт – ~ сравни´тельно ре́дкое** пагьму (гьунар) цIакъ къана-гIатго бижулеб (букIунеб) жо буго **4.** *театр.* явление (*театра-лъул пардавалъул цо бутIа*)

ЯВЛЯ´ ТЬ *несов. см.* **яви´ть**

ЯВЛЯ´ //ТЬСЯ *несов.* 1) *см.* **яви´ться** 2) *кем-чем (быть)* букIине; **он ~ется дире́ктором** дов директорлъун вуго; **~ться авторите́том для** *кого-л. лъиениги* хIурмат (къадру) бугевлъун ву-кIине; **на́ша конститу́ция ~ется са́мой демократи´ ческой в ми´ -ре** нилъер конституция дунялалдаго бищун демократияб буго

Я́ВНО *нареч. (очевидно, совершенно*) якъинго, баянго, загьирго; **он ~ прав** гьев якъинго витIарав вуго; **это ~ оши́бочно** гьеб баянго (якъинго) мекъаб буго

Я´ ВН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*открытый*) рагъараб, загьираб, баянаб, якъинаб; **~ая вражда́** загьираб тушманлъи 2) (*очевидный для всех*) якъинаб, баянаб; **это ~ая оши´ бка** гьеб якъинаб гьалатI буго

ЯВО́Р *м бот.* хъахIаб чIчIвад

Я́ВОЧН//ЫЙ, -ая, -ое балъгого данделъулеб, балъго данделъизе гьабураб; **~ая кварти´ра** балъго данделъулеб рукъ ◊ **~ым поря´ дком** цебеккун изнуги кьечIого

Я´ ВСТВЕННО *нареч.* баянго, якъинго, загьирго; ~ **слыша́ть шёпот** баянго щурщуди рагIизе

Я́ВСТВЕНН//ЫЙ, -ая, -ое баянаб, якъинаб, лъалеб, загьираб, берда цебе лъураб; **~ые зву́ки пе́ния** кечI ахIиялъул баянал гьаркьал

Я́ВСТВ//ОВАТЬ *несов. книжн. (следовать, вытекать)* баянлъизе, хIасиллъун букIине, загьирлъизе; **из э´того ~ует** гьелдасан баянлъулеб буго; **как ~ует из его́ слов** досул рагIабаздасан баянлъухъе

ЯВЬ *ж* хIакъикъат, унго-унголъи; **это сон или ~?** гьаб макъуйищ яги хIакъикъатищ? **мечты´ ста́ли ~ю** анищал хIакъикъатлъун лъугьана (хIакъикъатлъана)

ЯГА́ *ж фольк.* хъартай

ЯГДТА́Ш *м охот.* чанахъанасул таргъа (къвачIа)

Я´ ГЕЛЬ *м бот.* ритIучIил тамало

ЯГНЁНОК *м* (*мн.* **ягня´та**) кьегIер; **он кро́ткий как ~** дов кьегIергIанги недегьав вуго

ЯГНИ´ ТЬСЯ *несов.* къинлъизе (*чахъу*), кьегIер гьабизе

ЯГНЯ´ ЧИЙ, -ья, -ье кьагIрил(аб)

Я́ГОД//А *ж (рохьил, гIалхул)* гIисинпихъ; **собира́ть ~ы** гIисинпихъ бакIаризе ◊ **одного́ по́ля ~ы** цоцазда релъгьарал, цо гIамал-хасияталъул чагIи

Я́ГОДИЦА *ж* 1) рохокъотIи (рох, къаркъалаялъул гьодида гъоркьияб рахъ) 2) роцукIаркьен (рохукIаркьен)

ЯГОДИ´ ЧН//ЫЙ, -ая, -ое рохокъотIул; **~ые мы´шцы** рохокъотIул ччорбал

Я´ ГОДНИК *м* 1) (*место*) (*рохьил, гIалхул*) гIисинпихъ бижараб бакI 2) (*ягодный куст*) *(рохьил, гIалхул)* гIисинпихъалъул хьуй 3) *(рохьил, гIалхул)* гIисинпихъ бакIарулев чи

Я´ ГОДНЫЙ, -ая, -ое *(рохьил, гIалхул)* гIиссинпихъалъул; **~ сок** *(рохьил, гIалхул)* гIисинпихъалъул лъим (сок)

Я́ГОДНИЦА *ж* (*рохьил, гIалхул*) гIиссинпихъ бакIарулей гIадан

ЯГУА́Р *м* ягуар (*катил тайпаялъул кIудияб вахIшияб жанавар*)

Я́Д *м* 1) загьру; **смерте́льный ~** хвезарулеб загьру; **змеи́ный ~** борхьил загьру 2) *перен.* щин, хъачIлъи, загьру; **ско́лько я ´ду в его́ слова́х!** кигIан щин (хъачIлъи) бугеб досул рагIабазулъ!

Я´ ДЕРН//ЫЙ, -ая, -ое *физ.* ядернияб; **~ая фи́зика** ядернияб физика; **~ое ору́жие** ядернияб ярагъ; **~ая реа́кция** ядернияб реакция; **~ая эне́ргия** ядернияб энергия

ЯДОВИ´ ТОСТЬ *ж* загьруяб букIин

ЯДОВИ́Т//ЫЙ, -ая, -ое 1) загьруяб; **~ая змея́** загьруяб борохь; **~ый гриб** загьруяб гIурдахIан 2) *перен. (язвительный)* рекIелъ хIунсулеб, рекIеда тункулеб, квеш букIунеб

ЯДОНО́СНЫЙ, -ая, -ое загьру бугеб

ЯДОХИМИКА́ТЫ *мн.* (*ед.* **ядохимика́т** *м)* ядохимикатал (*хIутIал-хъумур хвезабизе хIалтIизарулел загьруял жал*)

ЯДРЁНЫЙ, -ая, -ое *разг.* 1) лъикIаб, кIвакIараб, жаниса цIураб; ччобораб; **~ оре́х** жаниса цIураб цIулакьо 2) *перен. (здоровый, крепкий)* кIвакIа-шакIараб, щулияб, чорхолъ жан бугеб, сахсаламатаб; **~ челове́к** чорхолъ витIарав, кIвакIа-шакIарав чи 3) *перен. (свежий, бодрящий)* бацIцIадаб, цIияб; **~ во́здух** бацIцIадаб (цIияб) гьава

ЯДРИ´ ЦА *ж* хъал бахъараб гъуричIеб гречихаялъул крупа

ЯДР//О́ *с* 1) месеху; ракI; **~о́ оре́ха** цIулакьодул месеху 2) *физ; биол,* ядро, жанисеб бакI; **~о́ древеси́ны** цIулал жанисеб бакI, ракI; **~ ~о́ а́тома** *физ.* атомалъул ядро 3) (*сущность*) аслияб рахъ, ракI, кьучI; **~о́ вопро́са** масъалаялъул (суалалъул) аслу, алияб рахъ 4) (*пушечное*) гIарададул гулла 5) *спорт.* ядро; **толка́ние ~а́** ядро тунки(рехи)

Я́ЗВ//А *ж* 1) *мед.* язва, рецIцI ккараб яги гьорораб ругъун; **незаживáющие ~ы** сахлъуларел язваби; **~а желу́дка** кваниру-къалъул язва; **сиби́рская ~а** бахунеб хIайваназул унти (*сибира-лъул язва*) 2) *перен. (зло, вред*) унти, балагь

Я´ ЗВЕНН//ЫЙ, -ая, -ое язваялъул; **~ая боле́знь** язваялъул унти

ЯЗВИ́ТЕЛЬН//ЫЙ, -ая, -ое рекIеда унтулеб (тункулеб), рекIелъ хIунсулеб, квеш букIунеб, гьумер бухIулеб; **~ая кри́тика** рекIелъ хIунсулеб критика; **~ое замеча́ние** квеш букIунеб, ре-кIеда унтулеб бадибчIвай; **~ый отве́т** рекIеда хIунсулеб жаваб; **~ый челове́к** цогидазда рекIелъ хIунсиледухъ кIалъалев чи

ЯЗВИ´ ТЬ *несов.* рекIеда унтараб жо абизе, рекIеда унтизабизе (хIунсизабизе); гьумер бухIизе; **воспомина́ние язви́т ду́шу** ра-кIалде щвеялъ керен унтизабулеб буго

ЯЗЫ´ К *м* 1) *анат,* мацI; **коро́вий ~** гIакдал мацI; **показа́ть ~** мацI бихьизабизе; **лиза́ть ~о́м** мацIалъ чIикIизе; 2) (*речь*) мацI; **родно́й ~** рахьдал мацI; **ру́сский ~** гIурус мацI; **мёртвый ~** хвараб (хIалтIизабулареб) мацI; **изуча́ть иностра́нные ~и́** къватIисел улкабазул мацIал лъазаризе; **владе́ть** *каким-л.* **языко́м** *кинаб бугониги* мацI лъазе 3) (*стиль*) мацI; **кни́га напи́сана хоро́шим ~о́м** тIехь лъикIаб мацIалдалъун хъван буго 4) (*кушанье*) мацI; **жа́реные ~и́** режарал мацIал 5) (*колокола*) мацI *(цIумуралъул мацI)* 6) (*пленный*) тушманасул балъголъи лъазабизе ккурав асир ◊ **держа́ть ~ за зуба́ми** кIал къазе, кIал богIое тезе; **найти́ о́бщий**

~ тIубан цоцазда ричIчIизе, рагIи данде ккезе; **придержа́ть ~** кIалъачIого (вуцIцIун) чIезе, щибниги абичIого тезе; **прикуси́ть ~** пикру абичIого, бицинчIого тезе, кIалъачIого чIезе; **злы́е ~и́** мацIихъаби; **дли́нный ~** гIемер кIалъазе бокьи, чIезе лъангутIи; **развяза́ть ~** кIалъазе, кIалъазавизе; **распусти́ть ~** хIажат гьечIеб жо абизе; **сорвало́сь с ~а́** ургъичIого, ракIалдаго гьечIого абун борчIана; **~ без косте́й** ракьа гьечIеб мацI (мацIалда ракьа гьечIеб); гIемер кIалъазе бокьи; **чеса́ть ~о́м** чIанда бицине; **~ хорошо́ подве́шен** пасихIго кIалъала, кIалъазе махшел буго; **проглоти́ть ~** вуцIцIун чIезе; **чеса́ть ~** мацI букаризе, гаргадизе бокьизе; **говори́ть на ра́зных ~а́х** *с кем-л.* цоцазда ричIчIунгутIизе, бицараб жо батIа-батIайиса бичIчIизе

ЯЗЫКА́СТЫЙ, -ая, -ое, **языка́тый,** -ая, -ое 1) *разг.* кIалмацI бегIерав, дагIбадизе, къацандизе, кIалъа-ралъазе, бокьулев 2) мацIалъул куц-мухъ бугеб, ма́цIалда релъгъараб

ЯЗЫКОВЕ́Д *м* языковед, лингвист (*мацIалъул гIалимчи*)

ЯЗЫКОВЕ́ДЕНИЕ *с* языковедение, лингвистика (*мацIалъул гIелму, мацIалъул хIакъалъулъ гIелму*)

ЯЗЫКОВЕ́ДЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое мацIалъул гIелмуялъул; **~ая литерату́ра** мацIалъул гIелмуялъул (гIелмуялда хурхараб) литература

ЯЗЫКОВ//О́Й, -а́я, -о́е мацIалъул; **~ая систе́ма** мацIалъул система (къагIида)

ЯЗЫКО́ВЫЙ, -ая, -ое 1) *анат.* ма́цIалъул (мацIа́лзул) 2) (*сделанный из языков*) ма́цIазул гьабураб; **~ колбаса́** мацIазул гьабураб цIураб бакь

ЯЗЫКОЗНА́НИЕ *с* языкознание, лингвистика (*мацIалъул хIакъалъулъ гIелму*)

ЯЗЫКОТВО́РЧЕСТВО *с лингв.* цIиял рагIаби яги рагIабазул сокIкIенал, дандраял лъугьинари

ЯЗЫ́ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое мажусиязулаб, хъанчие лагълъи гьабулеб; **~ая рели́гия** мажусиязулаб дин

ЯЗЫ´ ЧЕСТВО *с* мажусилъи, хъанчие лагълъи гьаби; гIемерал аллагъзабазе хъулухъ гьабулеб дин

ЯЗЫЧКО́В//ЫЙ, -ая, -ое *лингв.* мукъулукъалъулаб; **~ые согла́сные** мукъулукъалъулал рагьукъал гьаркьал

ЯЗЫ´ ЧНИК *м* мажусияв, хъанчие лагълъи гьабулев чи

ЯЗЫ´ ЧНИЦА *ж* мажусияй, хъанчие лагълъи гьабулей гIадан

ЯЗЫ́ЧН//ЫЙ, -ая, -ое мацIалъул **~ые мы́шцы** мацIа́лзул щукIдул

ЯЗЫЧО́К *м* 1) *уменьш. от* **язы́к** 2) *анат.* мукъулукъил къоно 3) (*пластинка*) мацI, къоно; **~ боти́нка** ботинкаялъул мацI

ЯЗЬ *м* язь (*цIамхIалаб гуреб лъелъ букIунеб ччугIил цо тайпа*)

ЯИ´ ЧКО *с* 1) *уменьш. от* **яйцо** 2) *анат.* хIан

ЯИ́ЧНИКИ *мн.* (*ед.* **яи́чник** *м*) *анат.* ручабазул цIу-лъиялъул железаби

ЯИ´ ЧНИЦА *ж* хайгин

ЯИ́ЧН//ЫЙ, -ая, ое ханил(аб); **~ порошо́к** ханил порошок; **~ый белóк** хъахIоно; **~ая скорлупа́** ханил гIабул

ЯЙЛА́ *ж* Крымалда риидалил мучIдузул цIар

ЯЙЦЕВИ́ДНЫЙ, -ая, -ое ханида релъгъараб, хоноккараб, хоно гIадаб; **~ ка́мень** хоно гIадаб гамачI

ЯЙЦЕКЛЕ́ТКА *ж* ручабазул, хIайваназул ва хурдузул цIулъиялъул, хьонтIидул клетка

ЯЙЦЕНО́СК//ИЙ, -ая, -ое гIемерал ханал гьарулеб, гIемер къинлъарулеб *(гIанкIу ва ц.);* **~ая поро́да кур** гIанкIуязул гIемер къинлъарулеб тайпа

ЯЙЦО́ *с* 1) *биол. см.* **яйцеклетка** 2) хоно; **кури́ное ~** гIанкIудул хоно; **~ всмя́тку** бетараб хоно; **~ вкруту́ю** белъараб хоно; **нести́ я́йца** ханал гьаризе ◊ **вы́веденного яйца́ не сто́ит** ханил багьаяб кIвар гьечIеб, щибниги кIвар (къимат) гьечIеб; **носи́ться как ку́рица с ~м** кколареб бакIалда лъиениги-сундуениги къимат кьезе

ЯК *м* як (*Централияб Азиялда букIунеб гамущалъул тайпаялъул чIахIиял лълъурдузул, гучаб, залимаб къаркълаялъул хIайван*)

ЯКОБИ´ НЕЦ *м ист.* якобинец (*XVIII гIасруялда Франциялда буржуазияб революциялъул гIахьалчи, якобиназул клубалъул член*)

ЯКОБИ´ НСКИЙ, -ая, -ое якобиназул

Я́КОБЫ *союз и частица*; *бищунелда щаклъи бихьизабула*; **об э´том он ~ ничего́ не зна́л** гьелъул хIакъалъулъ досда щибго лъачIеб гIадин; **он ~ всё по́нял** досда кинабго бичIчIараб гIадин (кинигин)

Я́КОРН//ЫЙ, -ая, -ое якоралъул, лангаралъул; **~ая цепь** лангаралъул рахас; **~ая стоя´нка** лангаралъ гама чIезабизе бугеб бакI

Я´ КОР//Ь 1. *мор.* якорь, лангар; **стоя´ть на ~е** лангар рехун (гама) чIезабизе; **сня´ться с ~я** лангар борхун (гама) ине 2) *эл.* якорь ◊ **~ь спасе́ния** хвасарлъиялъе ахирисеб хьул, сабаб

ЯКУ´ Т *м* якутав

ЯКУ´ ТКА *ж* якутай

ЯКУ´ ТСКИЙ, -ая, -ое якут, якутазул; **~ язы´к** якутазул (якут) мацI

ЯКУ´ ТЫ *мн.* якутал

ЯКША́ТЬСЯ *несов. с кем прост.* кIалъазе, гьудуллъи гьабизе

Я́ЛИК *м гIор бахине хIалтIизабулеб* гьитIинаб раса

Я́ЛОВЕТЬ *несов. с.-х.* хIорго хутIизе (хIайван), хIорлъизе

Я́ ЛОВОСТЬ *ж с.х.* хIорлъи, хIорго хутIи

Я́ ЛОВ//ЫЙ, -ая, -ое *с.-х.* хIораб, хIорго хутIараб; **~ая коро́ва** хIорго хутIараб гIака

Я́М//А *ж* 1) гвенд, тIун араб бакI, хунтIараб бакI, хвелех; **помо́йная ~а** чороклъи бакIарулеб гвенд; **вы́рыть ~у** гвенд бухъизе 2) *разг. (низина)* гIодолъи, гIодобегIан ккараб бакI; **село́ лежи́т в ~е** росу гIодоблъиялда буго 3) *уст.* туснахърукъ, донг ◊ **возду́шная ~а** гьаваялъулаб гвенд (*самолет хехго гIодобе бортун унеб гьава гьечIеб бакI)*; **рыть** *кому-л.* **~у** *лъиениги* квешлъи гьабизе лъугьине

ЯМБ *м лит.* ямб (*кIиабилеб слогалда ударение бугеб кIиго слогалъулаб кочIолаб бутIа*)

ЯМБИ́ЧЕСК//ИЙ, -ая, -ое *лит.* ямбалъулаб, ямб бугеб; **~ие стихи́** ямбалъулал, ямбалда хъварал кучIдул

Я́ МКА *ж уменьш. от* **яма** 1)

Я́МОЧКА *ж уменьш.-ласк. от* **я́мка; ~ на щека́х** кIаркьабазда гьитIинал хунтIелал; **~ на подборо́дке** нилъалда гьитIинаб хунтIел (хунтIи́)

ЯМЩИ́К *м* ямщик (*некIо почалъул гьакида рарал чуял рачунев, рацIулев чи*)

ЯНВА́РСКИЙ, -ая, -ое январалъул(аб); **моро́з ~** январалъул цIорой (квач)

ЯНВА́Р//Ь *м* январь; **в ~е́ э́ того го́да** гьаб соналъул январалда (январь моцIалда); **пе́рвое ~я́** тIоцебесеб январь (январалъул тIоцебесеб)

Я́ НКИ *м нескл.* янки (*американазда абулеб тIокIцIар*)

ЯНТА́РНЫЙ, -ая, -ое 1) кагьрудул, кагьруялъул 2) (*о цвете*) кагьрудул кьераб, кантIогьилаб

ЯНТА́РЬ *м* кагьру

ЯНЫЧА́Р *м* яныч (*султанасулаб Турциялда асирлъуде росарал рагъухъабаздасан ва бусурбан дин босарал христианаздасан (насранияздасан) данде гьабураб лъелаб аскаралъул солдат*)

ЯПО́НСКИЙ, -ая, -ое япониязул, япон; **~ язык** япон мацI

ЯПО́НЕЦ *м* японияв

ЯПО́НКА *ж* японияй

ЯПО́НЦЫ *мн.* япониял

ЯР *м (крутой берег)* лабалаб рагIал (*ралъдал, гIурул, хIорил, кIкIала́л*)

ЯРА́НГА *ж* яранга (*севералъул халкъазул конусалъулаб тIох бугеб добе-гьанибе босизе бегьулеб рукъ*)

Я́ РКА *с.-х.* гIоркIкIен

Я́ РК//ИЙ, -ая, -ое 1) гвангъараб, **~ий свет** гвангъараб канлъи; **~ое со́лнце** гвангъараб бакъ 2) (*светлый – о цвете*) канчIаб; **~ий цвет** канчIаб кьер; **~ие кра́ски** канчIал релъаби, лажбарал 3) *перен. (выделяющийся, убедительный):* **~ие приме́ры** якъинал, баянал, ракI чIезарулел мисалал; **~кий тала́нт** тIок1борчIараб пагьму-гьунар

Я́РКО *нареч.* гвангъун, канго; **дрова́ ~ горе́ли** ц1улада гвангъун цIа рекIунеб букIана; **~ вы́раженный** баянго къватIибе рехун бихьулеб, загьирлъараб (баянлъараб); **~ раскра́шенный** канго (лъикI) белъараб 2) *перен. (живо, образно*) чIагояб куцалда, сипат-сурат гьабун, баянго; **~ свиде́тельствовать** баянго тасдикъ гьабизе

Я́РКОСТЬ *ж* гвангъи́, канчIлъи́; **~ кра́сок** релъабазул канчI-лъи

ЯРЛЫ́К *м* ярлык, дамгъа; этикетка; **прикле́ить ~** этикетка седезе; *перен. (шаблонное прозвище) лъиданиги* рекIинабураб, чIвараб цIар

Я́ РМАРКА *ж* ярмарка, базар; **междунаро́дная ~** халкъазда гьоркьосеб ярмарка

Я́ РМАРОЧН//ЫЙ, -ая, -ое ярмаркаялъул, ярмарка букIунеб (лъолеб); **~ая пло́щадь** ярмаркаялъул байдан

ЯРМО́ *с* 1) рукь (*оцазул горбода лъолеб*) 2) *перен. (бремя, иго*) зулму, хIал

ЯРОВИЗА́ЦИЯ *ж с.-х.* яровизация (*бекьилалде хьон хехго бижизе ва бачIин цIикIкIине гIоло хасаб къагIидаялъ къачIай*)

ЯРОВИЗИ́ РОВАТЬ *сов. и несов. что с.-х.* яровизация гьабизе

ЯРОВ//О́Й, -ая **1.** ихдалил, ихдал гьарулел; **~а́я пшени́ца** ихдал бекьулеб ролъ, охолролъ **2.** *в знач. сущ. мн.* **~ы́е** охолал

Я́ РОСТН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*гневный*) ццин бахъараб, кутакалда ццин бахъараб, ццидалаб; **~ый вид** ццидалаб куц, сипат 2) *перен. (неукротимый*) цIакъ къварараб (кутакаб); **~ая ата́ка** цIакъ кутакаб гьужум

Я́ РОСТ//Ь *ж* 1) ццидахин, кутакаб ццин бахъин; **привести́ в ~ь** ццидахинавизе; **прийти́ в ~ть** ццидахине, ццин бахъине 2) *перен.* кьвари, къвакIи; хIалуцин; **быть вне себя́ от ~и** ццин бахъиналъ кинабго кIочон тезе (канлъи босун ине)

Я́ РУС *м* 1) (*ряд*) гъат, кьер; **уложи́ть мешки́ в три ~а** хъапал, лъабго гъат гьабун лъезе 2) *театр.* ярус, тIала; **тре́тий** ~ лъабабилеб тIала; **ло́жа второ́го ~а** кIиабилеб ярусалъул рагъи 3) *геол. (слой)* гъат *(ракьалъул)*

Я́РЧЕ *сравн. ст.* к **я́ркий** и **я́рко**

Я́РЫЙ, -ая, -ое 1) (*неистовый*) ццидалаб, ццидал цIураб; **~ враг** ццидалав тушман 2) (*рьяный*) кутакалда тIад чIарав, гъираялда хIалтIулев; **~ побо́рник ми́ра** тIад чIун, гъираялда ракълие (рекъел цIуниялъе) гIоло кьеркьолев (чи), ракълил кьеркьохъан

Я́СЕЛЬНЫЙ, -ая, ое яслиялъул, яслиялда букIунеб; **~ режи́м** яслиялъул режим; **~ ребёнок** яслиялде кьолеб лъимер

Я́СЛИ *мн.* 1) (*детское учреждение*) ясли; **отда́ть ребёнка в ~** лъимер яслиялде кьезе 2) (*кормушка для скота*) руссун

Я́СНО 1. *нареч.* 1) (*ярко*) гвангъун; **~ све́тит со́лнце** бакъ гвангъун буго (бакъ гвангъун щун буго) 2) (*отчетливо*) бичIчIуледухъ, якъинго; **~ говори́ть** бичIчIуледухъ, якъинго абизе **2.** *в знач. сказ. безл.* 1) (*понятно*) бичIчIана, бичIчIула, бичIчIулеб буго; **~, куда́ он ме́тит** досие абизе бокьараб жо бичIчIулеб буго 2) (*о погоде*) роцIун буго; **сего́дня бу́дет ~** жакъа роцIараб къо букIине буго (жакъа роцIине буго)

Я́СНОСТЬ *ж* 1) (*яркость*) гвангъи́ 2) (*безоблачность*) роцIин (накIкI-цIа гьечIолъи) 3) *перен.* (*взгляда и т. п.*) якъинлъи 4) (*отчётливость*) бичIчIи, баянлъи 5) (*логичность*) магIна букIин; **~ мы́сли** пикруялъул магIна букIин

Я́СН//ЫЙ, -ая, -ое 1) (*яркий*) гвангъараб 2) (*чистый – о небе и т. д.*) роцIараб; **~ая ночь** роцIараб сордо 3) *перен.* (*ничем не омрачённый*) бацIцIадаб, сунцаго пашман гьабичIеб; **~ый взгляд** бацIцIадаб, роцIараб, пашманлъи гьечIеб балагьи 4) (*отчётливый*) баянго, лъикI бихьулеб; **~ые очерта́ния гор** мугIрузул баянго, лъикI рихьулел гIорхъаби, мухъал, формаби 5) (*логичный*) магIна, бухьен бугеб; **~ое изложе́ние** магIна, бухьен бугеб бицунеб жо, изложение

Я́СТВ//А *мн.* (*ед.* **~о** *с*) квана-гьекъолел жал, кваналел жал (*гьарзаял, батIи-батIиял, тIагIамал…*)

Я́СТРЕБ *м* хъиргъу ◊ **променя́ть кукý́шку на ~а** *погов.* цо къадараб, квешаб жо дагьабги къадаралъухъ хисизе

ЯСТРЕБИ́Н//ЫЙ, -ая, -ое хъиргъудул, хъиргъуялъул гIадаб; **~ое гнездо́** хъиргъуялъул бусен ◊ **~ый нос** хъиргъудул гIадаб мегIер, кIичIараб мегIер

ЯТАГА́Н *м* ятаган (*ГIагараб ва Гьоркьохъеб Бакъбаккул рахъалъул халкъазул хвалчадул тайпаялъул ярагъ*)

ЯТЬ: ◊ знать *что-л.* **на ять** *разг. цибниги* цIакъ лъикI лъазе

Я́ХОНТ *м уст.* (*старинное название сапфира и рубина*) якъут

Я́ХОНТОВ//ЫЙ, -ая, -ое *уст.* **~ые се́рьги** якъуталъул (якъут лъурал) кIилкIал

Я́ХТА *ж* яхта (*моторалъ яги дугъалъ бачунеб спортивиял яги туристиял мурадазе хIалтIизабулеб гама*)

Я́ХТЕННЫЙ, -ая, -ое яхтаялъул; **~ капита́н** яхтаялъул капитан

ЯХТСМЕ́Н *м* яхтсмен (*яхтабазул къецазда гIахьаллъи гьабулев спортсмен*)

ЯЧЕ́ЙКА *ж* 1) (*углубление*) гъварилъи, каратI, къотIел 2) *цо рагъухъанасе бугеб* гьитIинаб хандакъ (окоп)

ЯЧМЕ́НН//ЫЙ, -ая, -ое, богIол; **~ый хлеб** богIол чед

ЯЧМЕ́НЬ[1] *м* (*злак*) бугIа; пурчIина (*кьох бугеб*)

ЯЧМЕ́НЬ[2] **(***на глазу*) пурчIун (*бадиб бижараб*)

Я́ЧНЕВ//ЫЙ, -ая, -ое гъурараб богIол гьабураб; **~ая крупа́** богIол крупа (курпа)

Я́ЩЕРИЦА *ж* кьинч

Я́ЩИК *м* ящикI ◊ **откла́дывать в до́лгий** ~ халат бахъинабун (нахъа гьабилилан) тезе

Я́ЩУР *м вет.* ящур (*чIегIербоцIул, гIи-цIцIаназул, болъоназул,варанабазул хехго бахунеб унти*), щинкIил-кIалалъул унти

Географические названия
ГЕОГРАФИЯЛ ЦІАРАЛ

Список сокращений

Русские		Аварские	
влк. – вулкан	*оз. – озеро*	*влк. – вулкан*	*хI. – хIор*
г. – город	*п-ов – полуостров*	*ш. – шагьар*	*б.-чI. – бащдаб чIинкIиллъи*
гос-во – государство	*пос. – посёлок*	*пач. – пачалихъ*	*гI. – гIор*
з-в – залив	*р. – река*	*з-в – залив*	*пос. – посёлок*
о-в – остров	*с. – село*	*чI. – чIинкIиллъи*	*рс. – росу*
о-ва – острова	*терр. – территория*	*чI-би – чIинкIиллъаби*	*р. – ракь*

Абада́н *г.* Абадан *ш.*
Абака́н *р., г.* Абакан *гI., ш.*
Абиджа́н *г.* Абиджан *ш.*
Абисси́ния Абиссиния; *см.* **Эфио́пия**
Австра́лия Австралия**; Австрали́йский Сою́з** Австралиялъул Союз
А́встрия Австрия
Адди́с-Абе́ба *г.* Аддис-Абеба *ш.*
Аделаи́да *г.* Аделаида *ш.*
А́ден *терр., г.* Аден *р., ш.*
А́денский зали́в Аден залив
Адриати́ческое мо́ре Адриатика ралъад
А́зия Азия
Азо́вское мо́ре Азов ралъад
Азо́рские острова́ Азор чIинкIиллъаби
А́ккра *г.* Аккра *ш.*
Акмола́ *г.* Акмола *ш.*
Аконка́уга *гора* Аконкауга мегIер
Алата́у *горы* Алатау мугIрул
Алба́ния Албания
Александри́я *г.* Александрия *ш.*
Але́ппо *см.* **Халеб**
Але́утские острова, Алеу́ты Алеут чIинкIиллъаби
Алжи́р *гос-во, г.* Алжир *пач., ш.* (Жазаир)
Алма́-Ата́ *г.* Алма-Ата *ш.*
Алта́й *горы* Алтай *мугIрул*
Алта́йский край Алтай край
А́льпы *горы* Альпал *мугIрул*
Аля́ска *п-ов, з-в* Аляска *б.-чI, залив*
Амазо́нка *р.* Амазонка *гI.*
Аме́рика Америка
Амма́н *г.* Амман *ш.*
Амстерда́м *г.* Амстердам *ш.*
Амударья́ *р.* Амударья *гI.*
Аму́р *р.* Амур *гI.*
Анато́лия *п-ов* Анатолия *б-чI.; см.* **Ма́лая А́зия**
Ангара́ *р.* Ангара *гI.*
А́нглия Англия
Ангóла Ангола
Андама́нские острова́ Андаман чIинкIиллъаби
Андама́нское мо́ре Андаман ралъад
Андо́рра *г-во, г.* Андорра *пач., ш.*
А́нды *горы* Андал мугIрул
Анкара́ *г.* Анкара *ш.*
Антананари́ву *г.* Антананариву *ш.*
Антаркти́да Антарктида
Анта́рктика Антарктика
Антве́рпен *г.* Антверпен *ш.*
Анти́льские острова́ Антил чIинкIиллъаби
Апенни́нский полуо́стров Апеннин бащдаб чIинкIиллъи
Апенни́ны *горы* Апеннинал *мугIрул*
Аппала́чи *горы* Аппалачи *мугIрул*
Апшеро́н Апшерон; **Апшеро́нский полуо́стров** Апшерон бащдаб чIинкIиллъи
Арави́йская пусты́ня ГIараб авлахъ
Арави́йский полуо́стров ГIараб бащдаб чIинкIиллъи
Арави́йское мо́ре ГIараб ралъад
Ара́льское мо́ре Арал ралъад
Арара́т *гора* Арарат *мегIер*
Арафу́рское мо́ре Арафур ралъад
Аргенти́на Аргентина
А́рктика Арктика
Армави́р *г.* Армавир *ш.*
Архáнгельск *г.* Архангельск *ш.*
Асма́ра *г.* Асмара *ш.*
Астана *г.* Астана *ш.*
А́страхань *г.* Астрахань *ш.,* (Аштархан *ш.)*
Асунсьóн *г.* Асунсьон *ш.*
Атака́ма *пустыня* Атакама *авлахъ*
Атланти́ческий океа́н Атлантика океан
Атла́с *горы* Атлас *мугIрул*
Афганиста́н Афгъанистан
Афи́ны *г.* Афинал *ш.*
А́фрика Африка
Ахмадабáд *г.* АхIмадабад *ш.*
Ашхабáд *г.* Ашхабад *ш.*

Баб-эль-Мандéбский пролив Баб-эль-Мандеб пролив (къварилъи)
Багáмские острова́ Багам чIинкIиллъаби
Багдáд *г.* Багъдад *ш.*
Базáр-Дюзи *гора* Базар-Дюзи *мегIер*
Байка́л *о.* Байкал *хI.*
Бакбó *залив* Бакбо *залив*
Баксáн *р.* Баксан *гI.*
Баку́ *г.* Баку *ш.*
Балато́н *оз.* Балатон *хI.*
Балеáрские острова́ Балеар чIинкIиллъаби
Балка́нский полуо́стров Балкан бащдаб чIинкIиллъи
Балка́ны *горы* Балкан *мугIрул*
Балти́йское мо́ре Балтика ралъад
Балха́ш *оз.* Балхаш *хI.*
Бама́ко *г.* Бамако *ш.*
Банги́ *г.* Банги *ш.*
Бангко́к *г.* Бангкок *ш.*
Бангладéш Бангладеш
Банджу́л *г.* Банжул *ш.*
Банду́нг *г.* Бандунг *ш.*

Барбадо́с *о-в, гос-во* Барбадос *чI., пач.*
Ба́ренцово мо́ре Баренцил ралъад
Барнау́л *г.* Барнаул *ш.*
Барсело́на *г.* Барселона *ш.*
Баскунча́к *оз.* Баскунчак *хI.*
Ба́сра *г.* Басра *ш.*
Ба́терст *г.* Батерст *ш.*
Бату́ми *г.* Батуми *ш.*
Бахре́йн *о-в, гос-во* БахIрейн *чI., пач.*
Бейру́т *г.* Бейрут *ш.*
Белгра́д *г.* Белград *ш.*
Беллинсга́узена мо́ре Беллинсгаузенил ралъад
Белакани́ *г.* Билкан ш.
Бе́лое мо́ре ХъахIаб ралъад
Беломо́рско-Балти́йский кана́л ХъахIаб ралъдалгун Балтикаялъул канал
Белорусь Белорусь
Бе́лу-Ориз́онти *г.* Белу-Оризонти *ш.*
Бе́льгия Белгия
Бенга́зи *г.* Бенгази *ш.*
Бенга́льский зали́в Бенгал залив
Бени́н Бенин
Бе́рег Слоно́вой Ко́сти Берег Слоновой Кости
Бе́рингово мо́ре Берингил ралъад
Бе́рингов проли́в Берингил къварилъи (пролив)
Берли́н *г.* Берлин *ш.*
Берму́дские острова́ Бермуд чIинкIиллъаби
Берн *г.* Берн *ш.*
Бесла́н *г.* Беслан *ш.*
Бетпа́к-Дала́ *степь* Бетпак-Дала *авлахъ*
Бильба́о *г.* Бильбао *ш.*
Би́рма Бирма
Биробиджа́н *г.* Биробижан *ш.*
Биса́у *г.* Бисау *ш.*
Биска́йский зали́в Бискай залив
Бли́жний Восто́к ПIагараб Бакъбаккул рахъ
Богота́ *г.* Богота *ш.*
Болга́рия Болгария
Боли́вия Боливия
Больши́е Анти́льские острова́ КIудиял Антил чIинкIиллъаби
Бомбе́й *г.* Бомбей *ш.*
Бонн *г.* Бонн *ш.*
Боржо́ми *г.* Боржоми *ш.*
Борнео́ *о-в.* Борнео *чI. см.* **Калиманта́н**
Босфо́р *пролив* Босфор *къварилъи*
Ботсва́на Ботсвана
Браззави́ль *г.* Браззавиль *ш.*
Бразили́я *гос-во, г.* Бразилия *пач., ш.*
Братисла́ва *г.* Братислава *ш.*
Братск *г.* Братск *ш.*
Брахмапу́тра *р.* Брахмапутра *гI.*
Брест *г.* Брест *ш.*
Брита́нские острова́ Британия чIинкIиллъаби
Брно *г.* Брно *ш.*
Брюсс́ель *г.* Брюссель *ш.*
Брянск *г.* Брянск *ш.*
Буг *р.* Буг *гI.*
Будапе́шт *г.* Будапешт *ш.*
Бужумбу́ра *г.* Бужумбура *ш.*
Буру́нди Бурунди
Буря́тия Бурятия
Бута́н Бутан
Бухара́ *г.* Бухара *ш.*
Бухаре́ст *г.* Бухарест *ш.*
Буэ́нос-А́йрес *г.* Буэнос-Айрес *ш.*
Вадуц *г.* Вадуц *ш.*
Вайга́ч *о-в* Вайгач *чI.*
Ван *о.* Ван *хI.*
Ванку́вер *г.* Ванкувер *ш.*
Ва́рна *г.* Варна *ш.*
Варша́ва *г.* Варшава *ш.*
Ватика́н Ватикан
Вашингто́н *г.* Вашингтон *ш*
Везу́вий *вулкан* Везувий *вулкан*
Великобрита́ния *о-в, гос-во* Великобритания *чI., пач.*
Велингтон *г.* Велингтон *ш.*
Ве́на *г.* Вена *ш.*
Ве́нгрия Венгрия
Венесуэ́ла Венесуэла
Вене́ция *г.* Венеция *ш.*
Верса́ль *г.* Версаль *ш.*
Ве́рхняя Во́льта ТIасияб Вольта
Вест-И́ндия *о-ва* Вест-Индия *чI-би*
Викто́рия *о-в, оз., г.* Виктория *чI., хI., ш.*
Ви́льнюс *г.* Вильнюс *ш.*
Виндхук *г.* Виндхук *ш.*
Ви́сла *р.* Висла *гI.*
Владивосто́к *г.* Владивосток *ш.*
Владикавка́з *г.* Владикавказ *ш.*
Влади́мир *г.* Владимир *ш.*
Во́лга *р.* Волга *гI.*
Во́лго-Балти́йский во́дный путь Волга-Балтика лъадал нух
Волгогра́д *г.* Волгоград *ш.*
Во́лго-Донско́й судохо́дный кана́л Волга-Дон гуми хьвадулеб канал
Восто́чно-Кита́йское мо́ре Бакъбаккулаб Китаялъул ралъад
Восто́чно-Сиби́рское мо́ре Бакъбаккулаб Сибиралъул ралъад
Вра́нгеля о́стров Врангелил чIинкIиллъи
Вьентья́н *г.* Вьентьян *ш.*
Вьетна́м Вьетнам

Гаа́га *г.* Гаага *ш.*
Габо́н Габон
Габоро́не *г.* Габороне *ш.*
Гава́йские острова́ Гавай чIинкIиллъаби
Гава́на *г.* Гавана *ш.*
Гавр *г.* Гавр *ш.*
Гаи́ти *о-в, гос-во* Гаити *чI., пач.*
Гайа́на Гайана
Гала́пагос *о-ва* Галапагос *чI-би*
Га́мбия Гамбия
Га́мбург *г.* Гамбург *ш.*
Га́на Гана
Ганг *р.* Ганг *гI.*
Гвадалаха́ра *г.* Гвадалахара *ш.*
Гвадалквиви́р *р.* Гвадалквивир *гI.*
Гваделу́па *о-в, пролив, терр.* Гваделупа *чI., къварилъи, р.*
Гватема́ла *гос-во, г.* Гватемала *пач., ш.*
Гвиа́на Гвиана
Гвине́йский зали́в Гвинея залив
Гвине́я Гвинея
Гвине́я-Биса́у Гвинея-Бисау
Герма́ния Германия
Гибралта́р *терр., г.* Гибралтар *р., ш.*
Гибралта́рский проли́в Гибралтар къварилъи
Гилбе́рта острова́ Гилбертил чIинкIиллъаби
Гимала́и *горы* Гималаял *мугIрул*
Гиндуку́ш *горы* Гиндукуш *мугIрул*
Го́би *пустыня* Гоби *авлахъ*
Голла́ндия Голландия; *см.* **Нидерла́нды**
Гондура́с Гондурас
Гонко́нг *см.* **Сянга́н**
Гонолу́лу *г.* Гонолулу *ш.*
Го́рно-Алта́йская автоно́мная о́бласть МугIрузулаб Алтаялъул автономияб область
Го́рно-Бадахша́нская автоно́мная о́бласть МугIрузулаб Бадахшаналъул автономияб область
Го́тхоб *г.* Готхоб *ш.*
Грена́да *о-в, гос-во* Гренада *чI., пач.*
Грендла́ндия *о-в* Гренландия *чI.*

Грена́ндское мо́ре Гренландиялъул ралъад
Гре́ция Греция
Гри́ нвич *г.* Гринвич *ш.*
Гро́зный *г.* Грозный *ш.*
Гру́зия Грузия
Гуа́м *о-в* Гуам *чI*
Гуанчжо́у *г.* Гуанчжоу *ш.*
Гудзо́н *р.* Гудзон *гI.*
Гудзо́нов зали́ в Гудзонил залив
Гудзо́нов проли́ в Гудзонил къварилъи (пролив)

Дагеста́н Дагъистан
Дагоме́я Дагомея; *см.* **Бени́ н**
Дака́р *г.* Дакар *ш.*
Да́кка *г.* Дакка *ш.*
Да́льний Восто́к РикIкIадаб Бакъбаккул рахъ, Дальний восток
Дама́ск *г.* Дамаск *ш.* **,** Дамаскъ *ш*
Да́ния Дания
Дардане́ллы *пр-в* Дардане́ллал *къварилъи*
Дар-эс-Сала́м *г.* Дар-эс-Салам *ш.*
Да́тский проли́в Даниялъул къварилъи (Дания къварилъи)
Да́угава *р.* Даугава *гI.*
Де́ли *г.* Дели *ш.*
Десна́ *р.* Десна *гI.*
Джака́рта *г.* Джакарта *ш.*
Джибу́ти *г.* Джибути *ш.*
Джомолу́нгма *см. Джомолу́нгма*
Джо́рджтаун *г.* Джорджтаун *ш.*
Ди́ ли *г.* Дили *ш.*
Днепр *р.* Днепр *гI.*
Днепропетро́вск *г.* Днепропетровск *ш.*
Днестр *р.* Днестр *гI.*
Домини́ ка *о-в, гос-во* Доминика *чI., пач.*
Дон *р.* Дон *гI.*
Донба́сс (Доне́цкий у́гольный ба́ссейн) Донбасс (Донецкиялъул тIорччол бассейн)
До́ха *г.* Доха *ш.*
Дре́зден *г.* Дрезден *ш.*
Ду́блин *г.* Дублин *ш.*
Дуна́й *р.* Дунай *гI.*
Дурба́н *г.* Дурбан *ш.*
Ду́ррес *г.* Дуресс *ш.*
Душанбе́ *г.* Душанбе *ш.*

Евро́па Европа
Евфра́т *р.* Евфрат *гI.*
Еги́пет Египет, Мисри; **Ара́бская Респу́блика Еги́пет (АРЕ)** Египет ГIараб Республика (АРЕ)
Енисе́й *р.* Енисей *гI.*
Ерева́н *г.* Ереван *ш.***,** Эриван *ш*
Ессентуки́ *г.* Ессентуки *ш.*

Железново́дск *г.* Железноводск *ш.*
Жёлтое мо́ре ТIогьилаб ралъад
Жене́ва *г.* Женева *ш.*
Жене́вское о́зеро Женева хIор

Забайка́лье Забайкалье
За́греб *г.* Загреб *ш.*
Заи́ р Заир
Закавка́зье Закавказье
Закарпа́тье Закарпатье
Заката́лы *г.* Закатала *ш.*
Закопа́не *г.* Закопане *ш.*
Замбе́зи *р.* Замбези *гI.*
За́мбия Замбия
Занзиба́р *о-в* Занзибар *чI.*
За́падная Двина́ БакътIерхьулаб Двина
За́падная Саха́ра БакътIерхьулаб Сахара
За́падные Самоа́ БакътIерхьулал Самоа

Запоро́жье *г.* Запорожье *ш.*
Зела́ндия *о-в* Зеландия *чI.*
Зелёного Мы́ са острова́ Зелёный Мыс чIинкIиллъаби
Земля́ Фра́нца-Ио́сифа *архипелаг* Франц-Иосифил Ракь *архипелаг*
Зимба́бве Зимбабве
Зо́мба *г.* Зомба *ш.*
Зо́ндские острова́ Зонд чIинкIиллъаби, Зондалъул чIинкIиллъаби
Зо́ндский проли́в Зонд къварилъи (Зондалъул къварилъи)

Иба́дан *г.* Ибадаи *ш.*
Иерусали́ м *г.* Иерусалим *ш.*
Иже́вск *г.* Ижевск *ш.*
Изми́ р *г.* Измир *ш.*
Изра́иль Израиль
Инд *р.* Инд *гI.*
Индиги́ рка *р.* Индигирка *гI.*
Инди́ йский океа́н Индиялъул океан, Гьинд океан
И́ ндия Индия
Индокита́й *п-ов* Индокитай *б.-чI.*
Индоне́зия Индонезия
Индоста́н *п-ов.* Индостан *б.-чI.*
Иога́ннесбург *г.* Иоганнесбург *ш.*
Иокога́ма *г.* Иокогама *ш.*
